Alkitab
Bahasa Jawa

Edisi Formal 1981

PURWANING DUMADI

Gusti Allah nitahake langit lan bumi dalah saisine kabeh

1:1--2:7

1 1 Ing jaman kawitan Gusti Allah nitahake
langit lan bumi. 2 Anadene bumi mau
campur-bawur lan suwung, segara kesaput ing
pepeteng, dene Rohe Gusti Allah nglayang ing
sadhuwure banyu.
3 Gusti Allah banjur ngandika: “Anaa
pepadhang!” Tumuli ana padhang. 4 Padhang
mau dipirsani wus becik lan Gusti Allah
banjur misahake padhang karo peteng. 5 Kang
padhang diparingi aran raina, dene kang
peteng: wengi. Mangkono wus dadi sore lan
esuk: dina kang kapisan.
6 Gusti Allah tumuli ngandika: “Anaa
pepenthengan ing antarane banyu, kang
misahake banyu karo banyu.” 7 Gusti Allah
banjur yasa penthengan sarta misahake banyu
kang ana ing sangisoring penthengan karo
banyu kang ana ing sandhuwure penthengan
mau. Lan banjur kelakon. 8 Pepenthengan mau
diparingi aran: langit. Mangkono wus dadi sore
lan wus dadi esuk, dina kang kapindho.
9 Gusti Allah banjur ngandika: “Banyu
kang ana ing sangisore langit ngumpula
dadi saenggon, supaya kang asat katona.”

Banjur iya kelakon mangkono. 10 Kang asat
kaparingan aran: bumi, lan kaklumpukane
banyu diparingi aran: segara. Kabeh mau
dipirsani Gusti Allah wus prayoga.

11 Apamaneh pangandikane Gusti Allah:
“Bumi metokna thethukulan, tetuwuhan
kang ana wijine, wit-witan kang metu wohe
warna-warna kang isi wiji ana ing bumi.”
Banjur iya kelakon mangkono. 12 Bumi
banjur nuwuhake thethukulan, sawernaning
tetuwuhan kang ana wijine lan sakehing
wit-witan kang metokake woh kang isi wiji.
Lan iku mau dipirsani Gusti Allah wus prayoga.
13 Mangkono wus dadi sore lan wus dadi esuk:
dina kang katelu.

14 Gusti Allah banjur ngandika: “Ing
pepenthengan langit anaa pepadhang kanggo
merang rina lan wengi, lan padha dadia
panengeran sarta titikaning mangsa kang
tetep apadene dina lan taun. 15 Karomaneh
padha dadia pepadhang ana ing pepenthengan
langit supaya madhangi bumi.” Lan iya kelakon
mangkono. 16 Gusti Allah yasa pepadhang
gedhe loro, kang gedhe dhewe supaya
mengkua ing wayah rina, lan kang kepara
cilik supaya mengkua ing wayah bengi,
mangkono uga lintang-lintang. 17 Iku kabeh
padha diprenahake dening Gusti Allah ana
ing pepenthengan supaya madhangi bumi,
18 lan supaya mengku wayah awan lan bengi,
karomaneh kanggo misahake padhang lan
peteng. Iku kabeh dipirsani Gusti Allah wus

prayoga. 19 Kaya mangkono wus dadi sore lan
wus dadi esuk, dina kang kaping papat.
20 Gusti Allah tumuli ngandika: “Ing banyu
anaa makhluk urip kang pating kruwel
uyel-uyelan lan bangsa manuk mabura ing
sadhuwure bumi ngliwati pepenthengan.”
21 Gusti Allah nuli nitahake kewan segara kang
gedhe-gedhe lan sawernaning makhluk urip
kang pating krogel ana ing banyu, apadene
sawernaning manuk kang mawa suwiwi.
Sarta iku dipirsani Gusti Allah wus prayoga.
22 Kabeh banjur padha diberkahi dening Gusti
Allah, pangandikane: “Padha bebranahana lan
tangkar-tumangkara ngebakana banyu segara,
sarta bangsa manuk tangkar-tumangkara ana
ing bumi.” 23 Mangkono wus dadi sore lan wus
dadi esuk, dina kang kaping lima.
24 Gusti Allah tumuli ngandika: “Bumi iki
metokna makhluk kang urip warna-warna,
kewan ingon-ingon, kewan kang rumangkang,
lan gumremet sarta kewan alasan warna-
warna.” Banjur iya kelakon kaya mangkono.
25 Gusti Allah akarya sato-kewan alasan
warna-warna, kewan ingon warna-warna,
kewan kang gumremet ana ing bumi warna-
warna. Sarta iku dipirsani dening Gusti Allah
wus prayoga.
26 Gusti Allah banjur ngandika: “Mara Kita
akarya manungsa kang mirib gambar lan
pasemon Kita, iku pada nguwasanana iwak
ing segara, manuk ing awang-awang, lan
kewan ingon tuwin bumi iki kabeh sarta
marang sarupane kewan kang gumremet

ana ing bumi.” [27] Gusti Allah tumuli nitahake
manungsa miturut gambare, anggone nitahake
mirib gambaring Allah, lanang karo wadon
anggone nitahake. [28] Tumuli padha diberkahi
lan dipangandikani: “Padha bebranahana
lan tangkar-tumangkara; ngebakana bumi
lan telukna. Iwak ing segara lan manuk ing
awang-awang sarta sakabehing sato-kewan
kang rumangkang ana ing bumi iku padha sira
kuwasanana.”
[29] Karomaneh pangandikane Gusti Allah:
“Lah ta sira iku padha Sunparingi sarupane
thethukulan ing salumahing bumi kang
mawa wiji lan sarupane wit-witan kang
metokake woh mawa wiji, iku dadia panganira.
[30] Nanging sakehing sato-kewan ing bumi
lan sakehing manuk ing awang-awang tuwin
samubarang kang rumangkang ana ing bumi,
kang kadunungan nyawa, iku Sunparingi
tetuwuhan ijo kang dadi pakane.” Banjur
iya kelakon mangkono. [31] Gusti Allah tumuli
mirsani samubarang yeyasane, lan kabeh wus
prayoga linuwih. Mangkono wus dadi sore lan
wus dadi esuk, dina kang kaping nem.
2 [1] Kaya mangkono iku rampunging
dumadine langit, bumi lan saisine kabeh.
[2] Ing dina kang kapitu bareng Gusti Allah
wus mungkasi pakaryane anggone yeyasa,
ing dina kang kapitu banjur kendel anggone
karya samubarang kang wus kayasa iku.
[3] Gusti Allah tumuli mberkahi dina kapitu iku
lan disucekake, marga ing dina iku kendel
anggone karya samubarang kabeh kang wus

katitahake mau. 4 Kaya mangkono caritane
langit lan bumi nalika katitahake.
Nalika Sang Yehuwah Allah akarya bumi lan
langit, -- 5 durung ana thethukulan ing bumi
lan durung ana tanem-tuwuh kang thukul ana
ing ara-ara, marga Gusti Allah durung maringi
udan marang bumi lan durung ana wong kang
nggarap; 6 mung ana pedhut mumbul saka ing
bumi kang nelesi salumahing bumi, -- 7 nalika
samana Sang Yehuwah Allah tumuli akarya
manungsa, kang kinarya lebuning bumi, iku
ing bolonganing irunge disebuli ambekaning
urip; mangkono manungsa dadi titah kang
urip.

Manungsa lan patamanan Eden

2:8-25

8 Karodene Sang Yehuwah Allah yasa
patamanan ana ing tanah Eden ing sisih
wetan; ana ing kono anggone mapanake
manungsa kang wus kadamel mau. 9 Sang
Yehuwah Allah banjur nukulake wit-witan
rupa-rupa saka ing bumi, kang asri dineleng
lan becik kanggo pangan, mangkono uga wit
panguripan ana ing satengahing patamanan,
sarta maneh wit pangawruhing becik lan ala.
10 Ana bengawan mili saka ing tanah Eden
kang mbanyoni patamanan mau, lan saka
ing kono banjur cawang dadi papat: 11 kang
kapisan jenenge bengawan Pison, kang nekuk
ngubengi tanah Hawila kang akeh pametune
mas. 12 Emas weton ing tanah kono iku becik.

Ing kono iya ana blendok bedholah lan sotya
soham. [13] Bengawan kang kapindho aran:
Gihon, iku kang iline nekuk ngubengi satanah
Kusy. [14] Bengawan kang katelu aran: Tigris,
kang iline metu sawetane tanah Asyur; lan
kaping papate iku bengawan Efrat.
[15] Sang Yehuwah Allah mundhut manungsa
mau kapapanake ana ing patamanan Eden
kakarsakakake ngolah lan ngreksa, [16] sarta Sang
Yehuwah Allah banjur paring dhawuh marang
manungsa mangkene: "Sawarnane wohing
wit-witan ing patamanan iki kena sira pangan
ing sasenengira, [17] nanging wit pangawruhing
becik lan ala iku wohe aja sira pangan. Dene
samangsa sira mangan wohe, mesthi sira
bakal mati."
[18] Karomaneh ana pangandikane Sang
Yehuwah Allah mangkene: "Ora prayoga
manungsa iku yen ijen bae; Sunkaryakne
rowang kang sembada dadi jodhone." [19] Nalika
Sang Yehuwah Allah wus karya sarupane
sato-kewan ing ara-ara lan sarupane manuk
ing awang-awang saka lemah, banjur padha
ditekakake ana ing sangarepe manungsa,
karsane supaya pirsa kapriye anggone bakal
njenengake, lan jeneng kang diwenehake
manungsa marang sadhengah kang urip mau,
iya iku dadia jenenge. [20] Mangkono dadine
manungsa menehi jeneng marang sarupane
sato-kewan lan manuk ing awang-awang
apadene marang sarupane sato ing ara-ara;
mung manungsa kang durung duwe rowang
kang sembada dadi jodhone. [21] Nuli Sang

Yehuwah Allah ndadekake manungsa turu
kepati, lan sajrone turu dipundhut igane
siji, dene tilas panggonane balung iga mau
diiseni daging. 22 Iga kang kapundhut saka
ing manungsa mau banjur diwangun dening
Sang Yehuwah Allah dadi wong wadon, banjur
diajokake marang ing ngarepe manungsa.
23 Ing kono pangucape manungsa: "Yaiki
balung saka balungku lan daging saka
dagingku, iku kaaranana wadon, awit kajupuk
saka kang lanang." 24 Mulane wong lanang
bakal ninggal bapa-biyunge lan rumaket
marang bojone, sarta sakarone iku bakal
dadi daging siji. 25 Anadene manungsa lan
bojone sakarone iku padha wuda, nanging ora
rumangsa isin.

Manungsa tumiba ing dosa

3:1-24

3 1 Anadene ula iku kang julig dhewe
ing antarane sakehing kewan dharatan
karyane Sang Yehuwah Allah, mangka
iku celathu marang wong wadon mau:
"Temtunipun Gusti Allah paring dhawuh
dhateng sampeyan: Sira aja mangan wohing
sarupane wit-witan ing patamanan iki! Rak
inggih, ta?" 2 Pangucape wong wadon marang
si ula: "Wohe wit-witan ing patamanan iki
kabeh kena bae dakpangan, 3 nanging tumrap
wohing wit kang ana satengahe patamanan
iki, ana dhawuhe Gusti Allah mangkene: Aja
sira pangan, malah ndemok bae aja, supaya

sira aja padha mati.” 4 Nanging si ula calathu
marang wong wadon mau: “Boten-botenipun
sampeyan sami pejah, 5 nanging Gusti Allah
mirsa, samangsa sampeyan nedha wohipun
wit punika, sampeyan badhe kaparingan
awasing paningal, temah dados sami kaliyan
Gusti Allah, saged nyumerepi ingkang sae
lan ingkang awon.” 6 Wong wadon mau nuli
weruh yen wit iku becik kanggo pangan
lan katon nengsemake, lan maneh wit iku
menginake, awit bisa ngolehake kapinteran;
tumuli methil wohe lan mangan, kang lanang
kang uga ana ing kono iya diwenehi lan iya
banjur mangan. 7 Ing kono mripate wong
loro mau padha kabuka, temahan padha
sumurup yen wuda; mulane tumuli padha
nggandheng-nggandheng godhong anjir
kagawe awer-awer.

8 Sakarone bareng padha krungu sabawane
tindake Sang Yehuwah Allah lumampah ing
patamanan, mbeneri wayah sumiliring angin
raina, manungsa lan kang wadon banjur
padha ndhelik saka ing ngarsane Sang
Yehuwah Allah, ana ing satengahe wit-witan
ing patamanan.

9 Nanging Sang Yehuwah Allah tumuli nimbali
marang manungsa, pangandikane: “Sira ana
ing ngendi?” 10 Unjuke kang kadangu: “Kawula
mireng swaraning tindak Paduka wonten ing
patamanan, temah kawula ajrih, amargi wuda;
pramila kawula lajeng ndhelik.” 11 Gusti Allah
ngandika: “Sapa kang aweh weruh marang
sira yen sira iku wuda? Apa sira mangan

wohing wit kang Sunwalerake marang sira
supaya aja sira pangan?” 12 Unjuke manungsa:
“Tiyang estri ingkang Paduka paringaken
dados sisihan kawula, punika ingkang nyukani
wohing wit wau dhateng kawula, lajeng kawula
tedha.” 13 Sang Yehuwah Allah tumuli ngandika
marang wong wadon: “Pratingkah apa kang
wus sira lakoni?” Unjuke wong wadon: “Sawer
punika ingkang ngapusi kawula, kawula lajeng
nedha.” 14 Ing kono Sang Yehuwah Allah
banjur ngandika marang si ula: “Sarehne sira
nglakoni kang mangkono iku, sira kena ing
ipat-ipat ana ing antarane kewan ingon-ingon
lan ing antarane sato ing ara-ara; lakunira
bakal nlosor nlapak weteng sarta lebu kang
bakal dadi panganira sajegira urip. 15 Karodene
Ingsun bakal ndadekake memungsuhan ing
antarane sira lan wong wadon iki, lan ing
antarane turunira lan turune wong wadon
iki; turune wong wadon iki bakal ngremuk
endhasira lan sira bakal ngremuk tungkake.”
16 Wong wadon iku didhawuhi mangkene:
“Ingsun bakal ngakehake banget karepotane
anggonira meteng, klawan rekasa anggonira
bakal nglairake anak; sira bakal kayungyun
marang bojonira lan iku bakal mengku
marang sira.” 17 Sarta marang manungsa
pangandikane: “Sarehne sira nuruti tembunge
somahira sarta mangan wohing wit kang wus
Sundhawuhake marang sira supaya aja sira
pangan, mulane bumi kena ing ipat-ipat marga
saka sira. Kalawan rekasa anggonira bakal
mangan pametune ing sajegira urip. 18 Eri lan

rerungkudan kang bakal diwetokake kanggo
sira, sarta tetuwuhan ing bumi kang bakal dadi
panganira. [19] Anggonira mangan rejeki bakal
kalawan kringeten rainira, nganti tumeka sira
bali marang bumi kang dadi asalira. Amarga
sira iku lebu, lan sira bakal bali dadi lebu
maneh.”
[20] Anadene manungsa menehi jeneng Kawa
marang sisihane, amarga iku dadi lajering
sakehing ngaurip.
[21] Sang Yehuwah Allah banjur ngaryakake
sandhangan walulang marang manungsa lan
kang wadon, sarta dianggokake.
[22] Sang Yehuwah Allah tumuli ngandika: “Lah
ta, manungsa iku wus dadi pepadhaningSun,
bisa ngawruhi kang becik lan kang ala. Kang
iku aja nganti mulung tangane methil lan
mangan wohing wit panguripan temah urip
langgeng.” [23] Mulane banjur ditundhung dening
Sang Yehuwah Allah saka ing patamanan
Eden, kakarsakake ngolah bumi kang dadi
asale. [24] Sawuse manungsa katundhung metu,
Sang Yehuwah Allah banjur mrenahake kerub
sawatara ana ing sawetane patamanan Eden,
kanthi pedhang murub kang mobat-mabit,
kanggo njaga dalan kang anjog ing wit
panguripan.

Kain lan Abel

4:1-16

4 [1] Kacarita manungsa iku banjur sapaturon
kalawan Kawa bojone, iku banjur ngandheg

sarta anak-anak Kain, pangucape Kawa:
“Aku wus oleh wong lanang marga saka
pitulungane Gusti Allah.”
2 Sawuse iku nuli
nglairake Abel, adhine Kain; Abel mau dadi
pangon wedhus lan Kain dadi wong tani.
3 Kacarita sawuse kelakon sawatara mangsa
Kain ngaturake kurban marang Sang Yehuwah
awujud pametune bumi,
4 dene Abel iya
ngaturake kurban awujud cempe pembarep
sagajihe. Anadene Sang Yehuwah karenan
marang Abel lan kurbane,
5 nanging Kain lan
kurbane ora ndadekake pirenane. Jalaran saka
iku atine Kain panas banget lan peteng ulate.
6 Sang Yehuwah tumuli ngandika marang
Kain: “Yagene atinira panas lan yagene ulatira
peteng?
7 Yen sira gawe becik apa ulatira ora
bakal padhang? Nanging manawa sira ora
gawe becik, si dosa wus ndhedhep ana ing
ngarep lawang sarta banget anggone nggodha
sira, nanging sira kudu bisa nelukake.”
8 Kain
banjur tutur marang Abel adhine: “Payo padha
menyang ara-ara kana.” Nanging bareng
tekan ing ara-ara, Kain banjur ngepruk Abel
adhine sarta dipateni.
9 Sang Yehuwah banjur
ndangu marang Kain: “Abel adhinira ana
ngendi?” Unjuke kang kadangu: “Kawula boten
sumerep, punapa kawula pamomongipun adhi
kawula?”
10 Pangandikane Sang Yehuwah:
“Pratingkah apa kang wus sira lakoni? Getihe
adhinira Abel sesambat marang Ingsun
saka bumi.
11 Ing samengko sira kena ing
ipat-ipat kabuwang adoh saka ing bumi kang
wus ngangapake cangkeme nadhahi getihe

adhinira Abel saka tanganira. 12 Samangsa
sira ngolah bumi, pametune ora bakal
samesthine, sira bakal kaya wong keplayu
lan nglembara ana ing bumi.” 13 Kain tumuli
munjuk marang Sang Yehuwah: “Paukuman
kawula punika ageng sanget ngantos kawratan
kawula sanggi. 14 Lah kawula samangke
Paduka tundhung saking ngriki, saha kawula
badhe kaling-kalingan wonten ing paningal
Paduka, kawula badhe dados tiyang ingkang
keplajeng saha nglembara wonten ing bumi;
kawula lajeng badhe dipun pejahi dening
sintena kemawon ingkang kapanggih kaliyan
kawula.” 15 Nanging pangandikane Sang
Yehuwah: “Babar pisan ora! Sapa kang mateni
Kain, bakal kawales tikel pitu.” Kain tumuli
diparingi tenger dening Sang Yehuwah supaya
aja nganti dipateni dening sapa bae kang
mrangguli. 16 Kain banjur lunga saka ing
ngarsane Sang Yehuwah, lan manggon ana ing
tanah Nod, sawetane tanah Eden.

Bab tedhak-turune Kain, Set lan Enos

4:17-26

17 Kacarita Kain sapaturon karo bojone, iku
banjur ngandhut, sarta anak-anak Henokh;
sawuse mangkono Kain banjur mbangun
kutha, kutha mau dijenengake Henokh, kaya
jenenge anake. 18 Henokh nurunake Irad, Irad
nurunake Mekhuyael, Mekhuyael nurunake
Metusael. Metusael nurunake Lamekh.
19 Anadene Lamekh mau bojone loro, kang siji

jenenge Ada, sijine Zila. 20 Ada nglairake Yabal,
iku dadi lelurine wong kang padha manggon
ing tarub lan ngingu raja-kaya. 21 Dene adhine
jenenge Yubal, iku dadi lelurine para panyiter
lan panyuling. 22 Zila uga nglairake anak yaiku
Tubal-Kain, lelurine para tukang tembaga lan
pandhe wesi, dene adhine Tubal-Kain mau
wadon, jenenge: Naama.

23 Lamekh mau tutur marang somahe
sakarone: "Ada karo Zila, rungokna swaraku,
he somahe Lamekh, tilingna tembungku
iki: Wong kang natoni aku wus dakpateni,
mangkono uga jejaka kang gawe mlicetku.
24 Sabab yen ta Kain kudu diwalesake tikel
pitu, Lamekh kudu diwalesake tikel pitung
puluh pitu."

25 Anadene Bapa Adam wus sapaturon
karo bojone maneh, iku banjur nglairake
anak lanang kang dijenengake Set, sabab
pangucape: "Gusti Allah wus maringi anak
lanang liyane minangka sasulihe Abel, marga
iku wus dipateni Kain." 26 Set uga duwe
anak lanang, dijenengake Enos. Wiwit nalika
samana wong padha wiwit memuja nyebut
asmane Sang Yehuwah.

Tedhak turune Bapa Adam

5:1-32

5 1 Iki sarasilahe turune Bapa Adam. Nalika
Gusti Allah nitahake Bapa Adam, anggone
karya nulad pasemone Gusti Allah. 2 Anggone
nitahake lanang lan wadon sarta padha

diberkahi tuwin disebut: “Manungsa” yaiku
ing nalikane padha katitahake. 3 Bareng Bapa
Adam umur satus telung puluh taun, nuli duwe
anak kang ngemperi rupa lan pasemone,
dijenengake: Set. 4 Sawuse duwe anak Set
mau, Bapa Adam isih ginanjar umur wolung
atus taun maneh, sarta duwe anak lanang lan
wadon. 5 Dadi gunggunge umure Bapa Adam
sangang atus telung puluh taun, banjur tinggal
donya.

6 Nalika Set umur satus lima taun, duwe anak
Enos. 7 Sawuse anak-anak Enos mau, Set isih
diganjar umur maneh wolung atus pitu taun,
sarta duwe anak lanang lan wadon. 8 Dadi
gunggunge umure Set sangang atus rolas
tahun, banjur ngajal.

9 Nalika Enos umur sangang puluh taun,
duwe anak Kenan. 10 Sawuse anak-anak
Kenan, Enos isih diganjar umur maneh wolung
atus limalas taun, sarta duwe anak lanang
lan wadon. 11 Dadi gunggunge umure Enos
sangang atus lima taun, banjur ngajal.

12 Nalika Kenan umur pitung puluh taun,
duwe anak Mahalaleel. 13 Sawuse anak-anak
Mahalaleel, Kenan isih diganjar umur maneh
wolung atus patang puluh taun, sarta duwe
anak lanang lan wadon. 14 Dadi gunggunge
umure Kenan sangang atus sepuluh taun,
banjur ngajal.

15 Nalika Mahalaleel umur sawidak lima taun,
duwe anak Yared. 16 Sawuse anak-anak Yared,
Mahalaleel isih ginanjar umur maneh wolung
atus telung puluh taun sarta duwe anak

lanang lan wadon. [17] Dadi gunggunge umure
Mahalaleel wolung atus sangang puluh lima
taun, banjur ngajal.
[18] Nalika Yared umur satus sawidak loro taun,
duwe anak Henokh. [19] Sawuse anak-anak
Henokh, Yared isih diganjar umur maneh
wolung atus taun, sarta duwe anak lanang
lan wadon. [20] Dadi gunggunge umure Yared
sangang atus sawidak loro taun, banjur ngajal.
[21] Nalika Henokh umur sawidak lima taun,
banjur duwe anak Metusalakh. [22] Henokh
sawuse anak-anak Metusalakh mau, lakune
tinunggil dening Gusti Allah, lan isih diparingi
umur telung atus taun, sarta kaparingan
anak lanang lan wadon. [23] Dadi gunggunge
umure Henokh telung atus sawidak lima taun.
[24] Henokh lakune tinunggil dening Gusti Allah,
banjur ora ana, amarga wus kapulung dening
Gusti Allah.
[25] Nalika Metusalakh umur satus wolung
puluh pitu taun, duwe anak Lamekh. [26] Sawuse
anak-anak Lamekh, Metusalakh isih diganjar
umur pitung atus wolung puluh loro taun,
sarta duwe anak lanang lan wadon. [27] Dadi
gunggunge umure Metusalakh sangang atus
sawidak sanga taun, banjur ngajal.
[28] Nalika Lamekh umur satus wolung
puluh loro taun, duwe anak lanang, [29] iku
dijenengake Nuh, celathune: “Bocah iki bakal
aweh panglipur marang kita ing sajroning
pagawean kita kang ngrekasa banget ana
ing bumi kang wus kena ing ipat-ipate Sang
Yehuwah iki.” [30] Sawuse anak-anak Nuh,

Lamekh isih diganjar umur limang atus
sangang puluh lima taun, sarta kaparingan
anak lanang lan wadon. 31 Dadi gunggunge
umure Lamekh pitung atus pitung puluh pitu
taun, banjur ngajal.
32 Nalika Nuh umur limang atus taun, duwe
anak Sem, Kham lan Yafet.

Pialaning manungsa

6:1-8

6 1 Kacarita nalika manungsa wus wiwit
ngambra-ambra ana ing bumi lan padha
duwe anak wadon, 2 para putraning Allah
bareng weruh anake wadon para manungsa
iku padha ayu-ayu, temah padha ngalap
somah marang iku, milih endi kang disenengi.
3 Ing kono pangandikane Sang Yehuwah:
“RohingSun ora bakal salawase tetunggalan
karo manungsa, amarga mung awujud daging,
mulane ing sabanjure umure mung bakal kari
satus rong puluh taun.” 4 Ing nalika samana
ing bumi ana bangsa kang wong-wonge gedhe
dhuwur; ing sapungkure iku iya ana, ing
nalikane para putraning Allah padha awor
karo anake wadon para manungsa sarta iku
padha duwe anak, iya iku para wong kang
gagah prakosa ing jaman kuna kang jenenge
misuwur.
5 Bareng Sang Yehuwah mirsa yen gedhe
durakane para manungsa ana ing bumi,
lan saobah-osiking atine sajege mung ala
bae, 6 ing kono Sang Yehuwah piduwung

dene akarya manungsa ana ing bumi
lan sekel galihe. 7 Pangandikane Sang
Yehuwah: “Manungsa kang wus Suntitahake
iku bakal Sunsirnakake saka ing lumahe
bumi, manungsa dalah kewan ingon-ingon,
apadene kewan rumangkang, sarta manuk ing
awang-awang pisan; sabab Ingsun piduwung
anggoningSun karya.” 8 Nanging Rama Nuh
iku manggih sih ana ing pangayunane Sang
Yehuwah.

Sejarahe Rama Nuh

6:9-22

9 Iki sejarahe Rama Nuh. Rama Nuh iku
wong mursid tanpa cacad ana ing antarane
para barakane. Salampah tindake ana ing
patunggilane Gusti Allah. 10 Rama Nuh
kagungan putra kakung telu: Sem, Kham lan
Yafet. 11 Anadene bumi iku ana ing ngarsane
Gusti Allah katon wus rusak lan kebak
panganiaya. 12 Bareng Gusti Allah mirsani
bumi, nyata-nyata yen iku wus rusak banget,
awit sarupane titah wus padha mblasar lakune
ana ing bumi.

13 Gusti Allah tumuli ngandika marang Rama
Nuh: “Ingsun wus mutus bakal mungkasi
uripe makhluk kabeh, marga bumi wus
padha dikebaki panganiaya; mulane bakal
Sunsirnakake bareng karo bumi. 14 Sira gawea
prau kanggo sira, kang kagawe kayu gofir,
panggawene sira singget-singgeta, sarta ing
jaba lan jerone sira usara nganggo aspal

kang kenthel. [15] Dene anggonira gawe iku
mangkene: dawane prau telung atus asta,
ambane seket asta, dhuwure telung puluh
asta. [16] Praune sira wenehana cendhela
mubeng, lete saasta saka payon, lawange
prenahna ana ing awake prau. Anggonira gawe
prau sungsun-sungsun, ngisor, tengah lan
dhuwur. [17] Awit dene Ingsun bakal nekakake
banjir kang nglimputi bumi, kanggo nyirnakake
sarupaning jinis kang urip lan kadunungan
nyawa ing sangisore langit; sakabehe kang
ana ing bumi bakal mati. [18] Nanging karo sira
Ingsun karsa damel prasetyaningSun, sira
bakal lumebu ing prau iku, sira lan anak-
anakira, somahira lan somahe anak-anakira.
[19] Apamaneh samubarang kang urip, sarupane
makhluk, iku sira nggawaa mlebu ing prau
sajodho-sajodho, supaya padha kapitulungana
urip bareng karo sira; saben jinis lanang lan
wadon. [20] Sawernaning manuk lan kewan
nusoni, apadene sawernaning kewan kang
rumangkang nlosor lan gumremet ana ing
bumi, iku saben jinis ana sajodho kang
bakal nekani sira supaya kapitulungana urip.
[21] Sabanjure sira nglumpukna samubarang
kang kena dipangan, kagawe tandhon kanggo
panganira lan pakane kewan iku mau kabeh."
[22] Rama Nuh tumuli nglampahi, ngestokake
apa sadhawuhe Gusti Allah mau kabeh.

Banjir gedhe

7:1-24

7 [1] Sawuse mangkono Sang Yehuwah nuli
ngandika marang Rama Nuh: “Sira lan
sabrayatira kabeh padha lumebua ing prau,
amarga sira iku Sunpirsani tinemu resik
ana ing antarane jinis iki. [2] Sarupane kewan
kang kalal sira njupuka pitung jodho, lanang
lan wadon, dene kewan kang ora kalal iku
mung sajodho-sajodho, lanang lan wadon.
[3] Mangkono uga manuk ing awang-awang
iya mitung jodho, lanang lan wadon, supaya
kenaa kanggo bibit ana ing salumahe bumi.
[4] Amarga pitung dina engkas, Ingsun bakal
nekakake udan ing bumi lawase patang puluh
dina patang puluh bengi, sarta sakehing
dumadi karyaningSun bakal Sunsirnakake
saka ing salumahe bumi.” [5] Rama Nuh nuli
ngestokake apa sadhawuhe Sang Yehuwah
kabeh. [6] Nalika tekane banjir gedhe kang
ngelebi bumi, yuswane Rama Nuh nem atus
taun. [7] Rama Nuh tumuli lumebet ing prau
dalah para putrane, kang garwa lan garwane
para putrane, marga saka tekane banjir mau.
[8] Kewan kang kalal lan kang ora kalal apa
dene manuk lan kabeh kang rumangkang
nlosor lan gumremet ana ing bumi, [9] iku
padha mara nekani Rama Nuh ana ing prau
sajodho-sajodho, kaya kang dadi dhawuhe
Gusti Allah marang Rama Nuh.

10 Kacarita sawuse antara pitung dina mau,
banyune banjir gedhe ngelebi bumi. 11 Nalika
yuswane Rama Nuh wus nyandhak nem atus
taune, ing sasi kapindho tanggal pitulas,
sakehe umbule samodra-raya kang nggegirisi
padha bedhah lan cendhelaning langit padha
kabukak, 12 tumuli kelakon udan deres banget
gumrojog ing bumi lawase patang puluh dina
patang puluh bengi. 13 Ing dina iku uga Rama
Nuh dalah Sem, Kham lan Yafet para putrane,
garwane Rama Nuh sarta garwane para
putrane padha munggah ing prau, 14 iku kabeh
dalah sakehe sato-kewan warna-warna, kewan
ingon-ingon warna-warna, tuwin sakehe
kewan rumangkang nlosor lan gumremet kang
ana ing bumi warna-warna, lan sawernane
manuk yaiku kabeh kang mawa elar lan
suwiwi. 15 Kabeh kang urip lan duwe nyawa
mau padha nekani Rama Nuh lumebu ing
prau nyajodho. 16 Kang padha nekani iku
lanang lan wadon saka sarupaning makhluk
kang urip, kaya kang kadhawuhake dening
Gusti Allah marang Rama Nuh. Lan sawuse
mangkono lawange prau diinebake dening
Sang Yehuwah ana ing saburine Rama
Nuh. 17 Anadene banjir gedhe mau anggone
ngelebi bumi patang puluh dina; banyune
saya agung njalari praune kangkat mumbul
saka ing bumi. 18 Banyune saya wuwuh
lan saya agung ngedab-edabi ngungkuli
bumi, satemah praune kumambang ana ing
lumahing banyu. 19 Wasana undhake banyune
luwih dening banget mratani salumahing

bumi, nganti kelakon nutupi gunung-gunung
kang dhuwur-dhuwur ing sangisore langit.
20 Gunung-gunung mau kungkulan banyu kang
saya wuwuh iku nganti limalas asta, temahan
padha kasasaban, 21 lan sarupane titah kang
mobah-mosik ana ing bumi padha mati kabeh:
bangsaning manuk, kewan ingon-ingon,
buron alas, sarupane kewan rumangkang
nlosor lan gumremet kang kumroyok ana
ing bumi, dalah sakehe manungsa padha
mati. 22 Sadhengah kang mawa ambekaning
nyawa urip ing bolonganing irunge, sapira
kang ana ing dharatan, iku pada mati kabeh.
23 Mangkono kadadeane sarupaning tumitah
kang ana ing lumahing bumi, padha katumpes
dening Gusti Allah, wiwit saka manungsa tekan
kewan rumangkang nlosor lan gumremet sarta
manuk ing awang-awang, padha tumpes sirna
saka ing bumi, mung Rama Nuh piyambak
kang isih sugeng lan kabeh kang katut ana
ing prau. 24 Anadene banyune anggone tetep
ngungkuli bumi lawase nganti satus seket
dina.

Suruding banjir

8:1-22

8 1 Gusti Allah tumuli ngengeti marang Rama
Nuh lan marang sarupane kewan alasan lan
kewan ingon-ingon kang padha melu ana ing
sajrone prau; sarta Gusti Allah ndhatengake
angin ana ing bumi, temah banyune wiwit
surud. 2 Karodene umbuling samodra-raya

lang cendhelaning langit padha ditutup, sarta
udan deres saka ing langit banjur terang,
3 temahan banyune saka sathithik larud saka
ing bumi, dadine saya angok sawuse antara
satus seket dina mau. 4 Nalika sasi kapitu
tanggal kaping pitulas, praune kandhas ana
ing pagunungan Ararat. 5 Banyune tansah
saya suda-suda nganti tekan sasi sapuluh.
Bareng sasi sapuluh tanggal sapisan, pucake
gunung-gunung wiwit padha katon.
6 Kacarita bareng wus kelakon patang puluh
dina, Rama Nuh ngengakake cendhelaning
prau yasane, 7 sarta nguculake manuk gagak,
iku mabur bola-bali nganti tekan asate banyu
saka ing bumi. 8 Sawuse mangkono banjur
ngeculake manuk dara, karsane ngyektosi
apa banyune wus surud saka ing lumahing
bumi, 9 nanging sarehne dara mau ora oleh
pencokan kanggo tlapakane sikile, mulane
bali marang ing ngarsane Rama Nuh menyang
ing prau maneh, marga salumahing bumi isih
warata katutupan banyu. Rama Nuh banjur
mulung astane, ngasta manuk dara mau
dilebetake ing prau. 10 Nuli ngentosi pitung
dina engkas, darane banjur dieculake maneh
saka ing prau. 11 Barang wayah sore dara mau
bali karo nggondhol godhong jaitun kang isih
seger ana ing cucuke; dadine Rama Nuh mirsa
yen banyune wis meh asat saka ing bumi.
12 Sawuse iku ngentosi maneh pitung dina,
darane tumuli dieculake, nanging wus ora
bali marang ing ngarsane Rama Nuh maneh.
13 Nalika yuswane Rama Nuh ganep nem atus

siji taun, ing sasi kapisan tanggal sapisan,
banyune wis larud saka ing bumi. Rama Nuh
banjur mbikak payone prau, sarta mirsa yen
lumahe bumi wus asat. 14 Lan nalika sasi
kapindho tanggal pitulikur bumine wus gasik.
15 Gusti Allah tumuli ngandika marang
Rama Nuh, dhawuhe: 16 "Sira metua saka
ing prau, sira dalah somahira, anakira lan
somahe anakira. 17 Mangkono uga sarupane
sato-kewan kang melu sira, kabeh kang urip
dadia bangsane manuk, bangsane kewan
ingon-ingon, kewan kang rumangkang nlosor
lan kang gumremet ana ing bumi, iku padha
sira wetokna bebarengan karo sira; kareben
padha ngambra-ambra ana ing bumi lan
bebranahan, tangkar-tumangkar ana ing
bumi." 18 Rama Nuh banjur miyos dalah para
putrane, garwane lan garwane para putrane,
19 apadene sarupane buron alas, kewan kang
nlosor lan gumremet, sarta sakehing manuk,
iya sakabehe kang mobah-mosik ana ing bumi
mawa-mawa jinise, kabeh padha metu saka
ing prau. 20 Rama Nuh tumuli yasa misbyah
konjuk marang Sang Yehuwah, sarta mundhut
panunggalane kewan ingon-ingon kang kalal
lan bangsa manuk kang kalal disaosake
dadi kurban obaran ana ing misbyah mau.
21 Bareng Sang Yehuwah mambet ganda arum,
tumuli ngunandika mangkene: "Ing sabanjure
Ingsun ora bakal nyupaosi bumi maneh jalaran
saka manungsa, marga saobah-osiking atine
manungsa iku dhasar ala wiwit nom mula;
sarta ing sabanjure Ingsun numpes maneh

marang sarupane kumelip, kaya kang wus
Suntindakake. [22] Salawase bumi ana, mesthi
bakal ora kendhat mangsane nyebar lan
panen, mangsa atis lan panas, ketiga lan
rendheng, rina lan wengi.”

Prajanjiane Gusti Allah kalawan Rama Nuh

9:1-17

9 [1] Gusti Allah tumuli mberkahi marang
Rama Nuh lan marang para putrane, sarta
padha kapangandikanan mangkene: “Padha
bebranahana lan tangkar-tumangkara sarta
ngebakana bumi. [2] Sarupane sato-kewan ing
bumi lan sarupane manuk ing awang-awang
iku bakal padha wedi lan giris marang sira;
iya sakabehe kang mobah-mosik ana ing
bumi, dalah sarupane iwak ing sagara iku
padha sira kuwasanana. [3] Sadhengah kang
mobah-mosik kang urip iku dadia panganira.
Iku kabeh wus Sunparingake marang sira;
mangkono uga tetuwuhan kang ijo; [4] mung
daging kang isih ana nyawane, iya iku
getihe, iku aja sira pangan. [5] Nanging tumrap
getihira dhewe, yaiku nyawanira iku mesthi
Sunpundhut pulihe; tumrap sadhengaha
kewan iya Sunpundhut pulihe, mangkono uga
saka tangane manungsa, iya saka siji-sijining
wong anggoningSun bakal mundhut pulihe
nyawane manungsa. [6] Sapa kang ngwutahake
getihing manungsa, iku mesthi diwutahake
getihe dening manungsa, awitdene Gusti

Allah anggone akarya manungsa iku kang
tinulad pasemone pribadi. 7 Anadene sira iku
padha bebranahana lan tangkar-tumangkara,
ngambra-ambraa lan mundhak-mundhaka ana
ing bumi.”
8 Sabanjure Gusti Allah ngandika marang
Rama Nuh lan marang para putrane
pisan, mangkene: 9 “Lah Ingsun damel
prasetyaningSun karo sira lan karo turunira
ing sapungkurira, 10 apadene karo sadhengah
makhluk urip kang melu sira ana ing prau,
iya bangsaning manuk, kewan ingon-ingon
tuwin kabeh kewan alasan ing bumi kang melu
sira, kang wus padha metu saka ing prau,
iya sarupane sato-kewan ing bumi. 11 Ingsun
nganakake prasetyaningSun karo sira, yen
sabanjure bakal ora kelakon maneh makhluk
kang urip katumpes dening banjir, lan bakal
ora ana banjir gedhe maneh kang nyirnakake
bumi.” 12 Gusti Allah banjur nyambeti
pangandika: “Iki pratandhane prasetya kang
Sundamel ing antaraningSun lan sira tuwin
sadhengah makhluk kang urip kang melu sira,
nganti turun-tumurun kanggo ing salawase.
13 KluwungingSun Sunpapanake ana ing
mendhung, iku kang minangka tandhaning
prasetyaningSun lan bumi. 14 Manawa ing
tembe Ingsun ngumpulake mendhung ana ing
sadhuwure bumi, lan kluwung mau banjur
katon ana ing mendhung, 15 ing kono Ingsun
mesthi bakal enget marang prasetyaningSun
kang ana ing antarane Ingsun kalawan
sira tuwin sadhengah makhluk kang urip

kang kadunungan nyawa, temah banyu
ora bakal dadi banjir gedhe maneh, kang
nyirnakake kabeh kang urip. 16 Samangsa
kluwung katon ana ing mendhung, iku bakal
Sunpirsani satemah Ingsun banjur enget
ing prasetyaningSun kang langgeng ing
antaraning Allah lan kabeh makhluk kang
urip, kabeh makhluk kang ana ing bumi."
17 Tumuli Gusti Allah ngandika maneh marang
Rama Nuh: "Yaiki pratandhaning prasetyan ing
antrane Ingsun lan sarupane makhluk kang
ana ing bumi."

Rama Nuh lan para putrane

9:18-29

18 Para putrane Rama Nuh kang padha metu
saka prau, iya iku: Sem, Kham lan Yafet. Dene
Kham iku bapakne Kanaan. 19 Telu iku mau
padha putrane Rama Nuh, lan marga saka
anane wong telu mau sajagad kabeh kaisenan
ing wong. 20 Rama Nuh miwiti tetanen lan
damel pakebonan anggur, 21 nanging bareng
ngunjuk anggur, banjur wuru nganti kelukaran
ana ing tarube. 22 Bareng Kham, bapakne
Kanaan, weruh kang ramane lukar, banjur
nyaritakake bab iku marang sadulure karo
pisan ana ing jaba. 23 Nanging Sem lan Yafet
tumuli njupuk jubah, banjur ditumpangake
ing pundhake, sarta nutupi kalingsemane
kang rama klawan lumaku mungkur, raine
padha mengo, satemah ora nganti weruh
kalingsemane kang ramane. 24 Bareng Rama

Nuh wungu sarta wurune wus ilang, miyarsa
bab tumindake putrane wuragil marang
sarirane, 25 tumuli ngandika:
"Kenaa ing ipat-ipat si Kanaan,
dadia baturing para bature sadulure."
26 Banjur ngandika maneh:
"Pinujia Sang Yehuwah, Allahe Sem,
lan Kanaan iku dadia bature.
27 Gusti Allah njembarna papan padunungane
Yafet,
lan manggona ing tarube Sem,
tuwin Kanaan iku dadia bature."
28 Sawuse banjir gedhe Rama Nuh isih
kaparingan yuswa telung atus seket taun.
29 Dadi gunggunge yuswane Rama Nuh
sangang atus seket taun, banjur seda.

Pratelan bab para turune Sem, Kham lan Yafet

10:1-32

10 1 Iki tedhak-turune para putrane Rama
Nuh: Sem, Kham lan Yafet. Anggone
padha kaparingan anak sawuse banjir gedhe.
2 Turune Yafet yaiku: Gomer, Magog, Madai,
Yawan, Tubal, Mesekh lan Tiras. 3 Turune
Gomer: Askenas, Rifat lan Togarmah.
4 Turune Yawan: Elisa, Tarsis, bangsa Kitim
lan bangsa Dodanim. 5 Iku padha nurunake
bangsa-bangsa kang pencar-pencar ngenggoni
tanah pasisir wengkone para bangsa. Yaiku
turune Yafet, mawa-mawa tanahe, basane,
golongane lan bangsane.

6 Turune Kham yaiku: Kusy, Misraim, Put lan
Kanaan. 7 Turune Kusy: Seba, Hawila, Sabta,
Raema lan Sabtekha; lan turune Raema:
Syeba lan Dedan. 8 Kusy anak-anak Nimrod;
iku wong kang miwiti duwe pangwasa ana
ing bumi; 9 dadi juru mbebedhag kang gagah
prakosa ana ing ngarsane Sang Yehuwah,
jalaran saka iku nganti ana pocapan: “Kaya
Nimrod pambedhag kang gagah prakosa ana
ing ngarsane Sang Yehuwah.” 10 Karajane kang
wiwitan yaiku Babil, Erekh, Akad lan Kalne ing
tanah Sinear. 11 Saka kono banjur menyang
ing Asyur yasa kutha Ninewe, Rehobot-Ir lan
Kalakh, 12 apadene Resen ana ing antarane
Ninewe lan Kalakh, iku kutha kang gedhe.
13 Misraim nurunake bangsa Ludim, bangsa
Anamim, bangsa Lehabim, bangsa Naftukhim,
14 bangsa Patrusim, bangsa Kaslukhim lan
bangsa Kaftorim, yaiku kang nurunake bangsa
Filisti. 15 Kanaan nurunake Sidon, iku anake
pambarep lan Het, 16 apadene bangsa Yebusi,
bangsa Amori, bangsa Girgasi, 17 bangsa
Hewi, bangsa Arki lan bangsa Sini, 18 bangsa
Arwadi, bangsa Semari lan bangsa Hamati.
Ing tembe bangsa Kanaan iku banjur sumebar.
19 Wilayahe bangsa Kanaan iku, yaiku wiwit
saka ing Sidon, ing urute Gerar tekan ing
Gaza, ing penere Sodom, Gomora, Adma lan
Zeboim tutug ing Lasa. 20 Iku mau turune
Kham, pamanggone mawa-mawa golongane,
basane, tanahe lan bangsane.

21 Sem, leluhure bani Eber, sadulure tuwa
Yafet, iku iya duwe anak. 22 Tedhak-turune

Sem yaiku: Elam, Asyur, Arpakhsad, Lud lan
Aram. 23 Tedhake Aram: Us, Hul, Geter lan
Mas. 24 Arpakhsad anak-anak: Selah lan Selah
anak-anak: Eber; 25 Eber duwe anak lanang
loro, kang siji jenenge Peleg, marga nalika
samana bumi kabage, dene adhine jenenge
Yoktan; 26 Yoktan nurunake Almodad, Selef,
Hazar-Mawet, Yerakh, 27 Hadoram, Uzal, Dikla,
28 Obal, Abimael, Syeba, 29 Ofir, Hawila lan
Yobab; iku mau kabeh padha turune Yoktan.
30 Wilayahe wiwit saka ing Mesa tutug ing
Sefar ing pagunungan sisih wetan. 31 Iku
mau padha turune Sem, miturut golongane,
basane, tanahe lan bangsane.
32 Kabeh mau tedhak-turune Rama Nuh,
miturut kang pada nurunake, miturut bangsa-
bangsane. Iku padha nurunake bangsa-bangsa
kang pating prenca pamanggone ana ing bumi
sawuse banjir gedhe.

Menara Babil

11:1-9

11 1 Anadene wong sajagad iku padha
tunggal basa lan tunggal tembung.
2 Kacarita bareng padha lumaku mangetan,
banjur weruh ara-ara jembar ing tanah Sinear,
tumuli padha manggon ana ing kono. 3 Banjur
padha rasanan: “Payo padha nyithak bata
lan diobong kang mateng.” Batane kanggo
watu pasangan, lan kang digawe lepane aspal.
4 Pangucape maneh: “Payo padha yasa kutha,
nganggo menara kang pucake sundhul langit,

supaya jeneng kita dadi misuwur lan kita
aja nganti pating slebar ana ing salumahe
bumi.” [5] Sang Yehuwah tumuli tumedhak
karsa mirsani kutha lan menara kang lagi
dibangun dening para anaking manungsa
mau; [6] sarta pangandikane Sang Yehuwah:
“Lah wong-wong iku padha tunggal bangsa lan
tunggal basa; iki lagi wiwitaning kekarepane,
mengko rak bakal wus ora kena diendhakake
apa kang dadi sedyane. [7] Payo, Kita padha
tumedhak lan ngisruhake basane, supaya
siji lan sijine aja nganti ngreti basane.”
[8] Mangkono dadine Sang Yehuwah mbubarake
wong-wong mau saka ing kono menyang ing
salumahing bumi, temahan padha kandheg
anggone padha yasa kutha. [9] Mulane tilase
mau diarani: Babil, marga ana ing kono
Sang Yehuwah anggone ngisruhake basane
wong-wong ing salumahing bumi, lan saka
ing kono Sang Yehuwah anggone mbuyarake
wong-wong mau menyang ing salumahing
bumi.

Para turune Sem

11:10-26

[10] Iki tedhak-turune Sem. Sem nalika umur
satus taun, anak-anak Arpakhsad, antara
rong taun sawuse banjir gedhe. [11] Sawuse
anak-anak Arpakhsad, isih diganjar umur
maneh limang atus taun, sarta duwe anak
lanang lan wadon. [12] Arpakhsad nalika umur
telung puluh lima taun, duwe anak Selah.

13 Sawuse anak-anak Selah, Arpakhsad mau
isih diganjar umur maneh patang atus telu
taun, sarta duwe anak lanang lan wadon.
14 Selah nalika umur telung puluh taun, duwe
anak Eber. 15 Sawuse anak-anak Eber, Selah
isih diganjar umur maneh patang atus telu
taun, sarta duwe anak lanang lan wadon.
16 Eber nalika umur telung puluh papat taun,
duwe anak Peleg. 17 Sawuse anak-anak Peleg,
Eber mau diganjar umur maneh patang atus
telung puluh taun, sarta duwe anak lanang
lan wadon. 18 Peleg nalika umur telung puluh
taun, duwe anak Rehu. 19 Sawuse anak-anak
Rehu, Peleg isih diganjar umur maneh rong
atus sanga taun, sarta duwe anak lanang lan
wadon. 20 Rehu nalika umur telung puluh loro
taun, duwe anak Serug. 21 Sawuse anak-anak
Serug, Rehu mau isih diganjar umur maneh
rong atus pitu taun, sarta duwe anak lanang
lan wadon. 22 Serug nalika umur telung puluh
taun, duwe anak Nahor. 23 Sawuse anak-anak
Nahor, Serug mau isih diganjar umur maneh
rong atus taun, sarta duwe anak lanang lan
wadon. 24 Nahor nalika umur sanga likur taun,
duwe anak Terah. 25 Sawuse anak-anak Terah,
Nahor mau isih diganjar umur maneh satus
sangalas taun, sarta duwe anak lanang lan
wadon. 26 Terah nalika umur pitung puluh
taun, duwe anak Abram, Nahor lan Haran.

Pratelan turune Terah

11:27-32

[27] Iki tedhak-turune Terah. Terah anak-anak
Abram, Nahor lan Haran, sarta Haran
anak-anak Lut. [28] Haran ngajal ndhisiki Terah
bapakne, ana ing tanah kalairane, yaiku ing
tanah Ur-Kasdim. [29] Abram lan Nahor padha
omah-omah, somahe Abram jenenge Sarai lan
somahe Nahor jenenge Milka, anake Haran,
bapakne Milka lan Yiska. [30] Anadene Sarai mau
gabug ora duwe anak. [31] Terah nuli ngajak
Abram lan Lut putune, anake Haran, apadene
Sarai somahe Abram, budhal saka ing tanah
Ur-Kasdim sedyane menyang tanah Kanaan;
bareng lakune tutug ing tanah Haran, tumuli
padha manggon ing kono. [32] Umure Terah iku
rong atus lima taun, banjur ngajal ana ing
Haran kono.

Rama Abram katimbalan dening Gusti Allah

12:1-9

12 [1] Sang Yehuwah dhawuh marang
Rama Abram: “Sira lungaa ninggala
tanahira, kulawangsanira lan omahe bapakira,
menyanga ing nagara kang bakal Suntedahake
marang sira. [2] Sira bakal Sundadekake bangsa
kang gedhe lan Sunberkahi, sarta jenengira
Sundadekake luhur, tuwin sira bakal dadi
berkah. [3] Sapa kang mberkahi sira mesthi

bakal Sunberkahi, kang ngipat-ipati sira bakal
Sunipat-ipati, sarta sira bakal dadi jalarane
para bangsa ing salumahing bumi padha
binerkahan.”
4 Rama Abram tumuli bidhal netepi apa kang
didhawuhake dening Sang Yehuwah, sarta
Lut ndherek. Rama Abram nalika bidhal saka
Haran yuswane pitung puluh lima tahun.
5 Dadine Rama Abram mboyongi kang garwa
Sarai lan Lut kaponakane apadene sabarang
kagungane sarta para abdi tumbasan saka ing
Haran, banjur bidhal menyang tanah Kanaan,
lan iya kelakon rawuh ing tanah Kanaan.
6 Rama Abram banjur ndlajahi tanah mau
nganti tutug ing panggonan ing sacedhake
Sikhem, yaiku ing sacedhake wit terbantin ing
More. Nalika samana kang ngenggoni tanah
kono bangsa Kanaan.
7 Kacarita Sang Yehuwah nuli ngatingal
marang Rama Abram sarta ngandika:
“Turunira bakal Sunparingi tanah iki.” Rama
Abram banjur yasa misbyah konjuk marang
Sang Yehuwah kang wus ngatingal marang
panjenengane mau. 8 Saka kono pindhah
menyang ing pagunungan sawetane Betel,
sarta ngadegake tarub ana ing saantarane
Betel kang kaprenah ing kulone, lan Ai ing
wetane; ana ing kono nuli yasa misbyah
konjuk marang Sang Yehuwah, lan ngluhurake
asmane. 9 Sawuse mangkono Rama Abram
nglajengake tindake saya adoh menyang ing
Tanah Negeb.

Rama Abram ana ing tanah Mesir

12:10-20

10 Bareng ing tanah kono pinuju pailan,
Rama Abram bidhal menyang ing tanah Mesir,
sumedya lereb ana ing kono kayadene wong
manca, marga pailane nggegirisi banget.
11 Kacarita bareng tindake wus cedhak tanah
Mesir, tumuli ngandika marang kang garwa
Ibu Sarai: "Lah ta, aku weruh yen kowe iku
wanita kang endah ing warna, 12 samangsa
wong Mesir ndeleng kowe, mesthi ngarani: Iku
somahe, banjur aku mesthi dipateni lan kowe
diuripi. 13 Bok iya kowe kandha yen sadulurku,
supaya aku lestaria slamet marga saka
kowe, lan nyawaku tulusa urip marga saka
kowe." 14 Kacarita bareng Rama Abram wus
lumebet ing tanah Mesir, wong Mesir padha
ndeleng yen wanita iku ayu banget, 15 lan
bareng para abdi daleme Sang Pringon padha
ndeleng Ibu Sarai, banjur ngalembana ana ing
ngarsane Sang Prabu Pringon, temahan Ibu
Sarai kaladekake menyang kedhatone Sang
Prabu Pringon. 16 Rama Abram ditanduki becik
marga saka Ibu Sarai, sarta banjur diparingi
wedhus, sapi lan kuldi lanang, batur tukon
lanang lan wadon, apadene kuldi wadon lan
unta. 17 Nanging Sang Yehuwah ndhawahake
bebendu kang abot banget marang Sang
Pringon dalah brayate marga saka Ibu Sarai
garwane Rama Abram iku. 18 Sang Prabu
Pringon banjur nimbali Rama Abram sarta

ngandika: “Apa kang sira tandukake marang
ingsun? Yagene sira ora ngaturi uninga marang
ingsun, yen wong wadon iku somahira?
19 Yagene sira matur: Punika sadherek kawula,
temahan nganti sunpundhut garwa? Lah, ta
iku somahira, gawanen lan mundura!” 20 sang
Prabu Pringon banjur dhawuh marang abdine
supaya ngeterake tindake Rama Abram dalah
kang garwa apadene sabarang kagungane
kabeh.

Rama Abram karo Lut Padha pepisahan

13:1-18

13 1 Rama Abram banjur tindak saka ing
tanah Mesir dalah kang garwa lan
sabarang kagungane kabeh, kondur menyang
Tanah Negeb sarta Lut iya ndherek. 2 Anadene
Rama Abram iku sugih raja-kaya, salaka lan
mas. 3 Saka ing Negeb tindake kendal-kendel
ing palereban nganti tekan ing sacedhake
Betel; ing panggonan tancebe tarube kang
dhisik, ana ing antarane Betel lan Ai, 4 ing
panggonane misbyah kang diyasa maune ana
ing kono, sarta Rama Abram banjur memuji
ngluhurake asmane Sang Yehuwah. 5 Lut kang
ndherekake tindake Rama Abram mau iya
duwe wedhus, sapi lan tarub, 6 mangka tanah
ing kono kurang kobet dienggoni bebarengan,
marga raja-darbeke akeh banget, temahan
padha ora bisa nunggal sapanggonan;
7 mulane pangone Rama Abram karo pangone
Lut padha grejegan. Tanah kono nalika iku

dienggoni bangsa Kanaan lan Feris. [8] Mulane
Rama Abram banjur ngandika marang Lut:
“Bok aja ana grejegan ing antarane aku
lan kowe utawa ing antarane pangonku lan
pangonmu, kita rak padha sadulur. [9] Tanah iki
kabeh rak ngeblag ana ing ngarepmu! Bok iya
ta kowe misaha saka aku, manawa kowe milih
mangiwa, aku dakmanengen, manawa kowe
milih manengen, aku dakmangiwa.” [10] Lut nuli
ndeleng lan sumurup yen tanah ngare saurute
bengawan Yarden iku loh jinawi. Sadurunge
Sang Yehuwah nggempur Sodom lan Gomora,
memper patamanane Sang Yehuwah, iya kaya
tanah Mesir tekan ing Zoar. [11] Marga saka
iku Lut milih tanah ngare saurute bengawan
Yarden, sarta banjur budhal mangetan;
mangkono anggone padha pepisahan. [12] Dene
Rama Abram tetep pamanggene ana ing tanah
Kanaan, sarta Lut manggon ing kutha-kutha
ing lembahe bengawan Yarden, lan anggone
ngadegake tarube nganti tekan ing sacedhake
Sodom. [13] Wong-wong ing Sodom iku padha
ala kelakuane lan gedhe durakane ana ing
ngarsane Sang Yehuwah.

[14] Sawuse Rama Abram ditilar misah
dening Lut, Sang Yehuwah banjur ngandika
mangkene: “Sira tumengaa, ndelenga saka
ing papan anggonmu ngadeg mangalor
lan mangidul, mangetan lan mangulon;
[15] awitdene tanah kang sira deleng iku
kabeh bakal Sunparingake marang sira lan
turunira ing salawase. [16] Lan turunira bakal
Suntangkarake dadi kaya lebune bumi, dadine

manawa ana kang bisa ngetung lebune
bumi, turunira iya bakal kena dietung. [17] Sira
mangkata, ndlajahana tanah iku nurut alang
lan ujure, awitdene iku bakal Sunparingake
marang sira.” [18] Rama Abram nuli mbedholi
tarube kabekta tindak, wasana manggen ing
cedhak alas tarbantin ing Mamre caket karo
Hebron, ana ing kono banjur yasa misbyah
konjuk marang Sang Yehuwah.

Rama Abram ngawonake para ratu ing tanah Wetan lan mitulungi Lut

14:1-16

14 [1] Kacarita nalika jamane Sang Prabu
Amrafel, raja ing Sinear, Sang Prabu
Ariokh raja ing Elasar, Sang Prabu Kedorlaomer
raja ing Elam lan Sang Prabu Tideal raja
ing Goyim, [2] raja-raja mau padha perang
karo Sang Prabu Bera raja ing Sodom lan
Sang Prabu Birsya raja ing Gomora, Sang
Prabu Syinab raja ing Adma lan Sang Prabu
Syemeber raja ing Zeboim, lan raja ing Bela
iya iku Zoar. [3] Para ratu iku padha sabiyantu
lan ngempal ana ing lebak Sidim yaiku Segara
Uyah. [4] Rolas taun lawase anggone wus
padha kabawah ing Sang Prabu Kedorlaomer,
nanging bareng nyandhak telulas taune banjur
padha mbalela, [5] nalika nyandhak patbelas
taune, Sang Prabu Kedorlaomer karo para
raja kang mbiyantu padha nggecak bangsa
Refaim ing Asyterot-Karnaim, bangsa Zuzim
ing Ham, bangsa Enim ing Syawe-Kiryataim

6 lan bangsa Hori ing pagunungane Seir,
nganti tekan ing El-Paran, kang kaprenah
ana ing sapinggire pasamunan. 7 Sawuse iku
banjur padha bali njujug ing En-Mispat, iya
iku Kadesy sarta nggecak jajahane bangsa
Amalek, mangkono uga bangsa Amori kang
manggon ing Hazezon-Tamar. 8 Raja ing
Sodom, raja Gomora, raja Adma karo raja
Zeboim, raja ing Bela, iya iku ing Zoar, padha
nata wadya-balane ana ing lebak Sidim,
arep lumawan ing perang 9 nglawan marang
Sang Prabu Kedorlaomer raja ing Elam, Sang
Prabu Tideal raja Goyim, Sang Prabu Amrafel
raja ing Sinear lan Sang Prabu Ariokh raja
ing Elasar, raja papat mungsuh raja lima.
10 Anadene lebak Sidim iku akeh sumure
aspal. Bareng raja Sodom lan Gomora padha
keplajeng banjur kecemplung ana ing kono,
kekarene pada ngungsi menyang pagunungan.
11 Sabarang darbeke wong Sodom lan Gomora
tumuli padha dijarah-rayah dening mungsuh
dalah tandhone pangan, banjur padha
bali. 12 Lut kaponakane Rama Abram dalah
sabarang duweke iya katut kabandhang,
marga manggon ana ing Sodom.

13 Nuli ana sawijining wong kang keplayu
ngaturi uninga marang Rama Abram wong
Ibrani, kang dedalem cedhak karo alas
tarbantin ing wewengkone Mamre, wong
Amori sadulure Eskol lan Aner kang padha
mbiyantu Rama Abram. 14 Rama Abram
bareng midhanget yen putrane sadhereke
kabandhang, tumuli ngangkatake para wonge

kang wus kalatih, yaiku para abdi-abdine
kang laire ana ing daleme, cacahe telung atus
wolulas, banjur mburu mungsuhe nganti tutug
ing Dhan. 15 Lan ing wayah bengi wong-wong
tumuli diperang-perang, yaiku Rama Abram
lan para abdine mau, mangkono anggone arep
nglawan mungsuhe, temah bisa ngalahake
mungsuhe, kang banjur dioyak-oyak nganti
tutug ing Hoba, kang kaprenah ing salore
kutha Damsyik. 16 Sakehe raja-darbe kang
kabandhang bisa karebut bali, karodene Lut
kadange lan sabarang duweke iya diulihake,
mangkono uga para wong wadon lan rakyate.

Rama Abram pepanggihan karo Sang Prabu Melkisedhek

14:17-24

17 Raja Sodom methukake Rama Abram
nalika kondur saka nggecak raja Kedorlaomer
dalah para raja kang padha mbiyantoni ana
ing Lebak Syawe, iya iku Lebak Raja.
18 Anadene Sang Prabu Melkisedhek raja
ing Salem, kang jumeneng imaming Allah
Kang Mahaluhur, ngasta roti lan anggur,
19 sarta mberkahi marang Rama Abram,
pangandikane: “Sadherek Abram mugi
kaberkahana dening Gusti Allah Ingkang
Mahaluhur ingkang nitahaken langit lan
bumi. 20 Sarta pinujia Gusti Allah Ingkang
Mahaluhur, dene sampun masrahaken
mengsah jengandika wonten ing asta

jengandika.” Rama Abram banjur ngaturake
saprasepuluhe barang bandhangan mau.
21 Raja ing Sodom banjur ngandika marang
Rama Abram: “Tiyangipun mugi jengandika
paringaken dhateng kula, dene menggah
raja-darbe kula aturi mundhut.” 22 Nanging
Rama Abram matur marang raja ing Sodom:
“Kula supaos demi Sang Yehuwah, Allah
Ingkang Mahaluhur, ingkang nitahaken
langit lan bumi, 23 bilih kula boten badhe
mendhet sadhengah punapa ingkang dados
kagungan dalem sadaya, dadosa namung
benang saeler utawi tangsuling trumpah,
supados panjenengan dalem sampun ngantos
ngandika: Kang nyugihake Abram rak aku.
24 Manawi kula sampun ngantos pisan-pisan!
Namung punapa ingkang sampun dipun tedha
dening para rencang saha pandumanipun
ingkang sami mbiyantu panglurug kula, inggih
punika Aner, Eskol kaliyan Mamre, kajengipun
mendhet bageanipun piyambak-piyambak.”

Prajanjiane Gusti Allah kalawan Rama Abram; janji bab tedhak-turune

15:1-21

15 1 Sawuse lelakon mau banjur ana
pangandikane Sang Yehuwah marang
Rama Abram sajroning tetingalan wahyu,
dhawuhe: “Sira aja wedi Abram, Ingsun iki
tetamengira, ganjaranira bakal luwih dening
gedhe.” 2 Unjuke Rama Abram: “Dhuh Yehuwah
Allah, kawula badhe Paduka paringi punapa?

Dene anggen kawula tilar donya punika
badhe tanpa anak, temtunipun Eliezer tiyang
Damsyik punika ingkang badhe nggadhahi
sabarang darbek kawula.” 3 Unjuke Rama
Abram maneh: “Lah kawula boten Paduka
paringi anak, pramila salah satunggaling
rencang ingkang lair ing griya kawula punika
ingkang badhe dados ahli-waris kawula.”
4 Tumuli ana pangandikane Sang Yehuwah
marang Rama Abram, mangkene: “Dudu iku
kang bakal dadi ahli-warisira, nanging kang
bakal dadi ahli-warisira iya iku kang lair saka
sira dhewe.” 5 Rama Abram banjur diirid medal
ing jaba sarta dipangandikani: “Sira tumengaa
marang ing langit lan lintange etungen, yen
sira bisa ngetung cacahe.” Tumuli disambeti
pangandika maneh: “Iya samono bakal cacahe
turunira.” 6 Rama Abram kumandel marang
Sang Yehuwah, mangka iya iku kang kaetang
dening Yehuwah dadi kasampurnane.
7 Karodene pangandikane Sang Yehuwah
marang Rama Abram maneh: “Ingsun iki
Yehuwah kang wus ngirid sira metu saka
Ur-Kasdim; marga bakal Sunparingi tanah iki
dadi darbekira turun-tumurun.” 8 Unjuke Rama
Abram: “Dhuh Yehuwah Allah, sarana punapa
anggen kawula sumerep, bilih tanah punika
badhe dados gadhahan kawula?” 9 Tumuli
dipangandikani: “Ingsun jupukna pedhet
wadon kang umur telung taun, wedhus kang
umur telung taun, wedhus gembel lanang
kang umur telung taun, manuk deruk siji
lan piyik dara siji.” 10 Kabeh mau iya banjur

padha kajupuk kagem Sang Yehuwah sarta
padha disigari, sigaran siji lan sijine diselehake
adhep-adhepan, mung manuke kang ora
disigar. 11 Bareng ana manuk galak padha
nyamber sembelehan mau, banjur padha
digusahi dening Rama Abram.
12 Bareng srengenge meh surup, Rama
Abram saking aripe banjur sare kepati.
Panjenengane banjur kalimputan ing peteng
ndhedhet lelimengan kang nggegirisi. 13 Sang
Yehuwah banjur ngandika marang Rama
Abram: "Wruhanira ing satemene, turunira
bakal dadi wong manca ana ing tanah kang
dudu duweke, sarta bakal padha ngawula lan
katindhes nganti patang atus taun lawase,
14 nanging bangsa kang dikawulani iku iya
bakal Sunukum. Sawuse mangkono bakal
padha metu budhalan kalawan nggawa
raja-darbe akeh banget. 15 Nanging sira
iku bakal lunga awor karo leluhurira kanthi
tentrem rahayu, anggonira kakubur samangsa
wus akeh umurira. 16 Turunira kang kaping pat
bakal bali mrene maneh, marga sadurunge iku
durakane bangsa Amori durung katog."
17 Kacarita bareng srengenge wus surup
lan wus peteng, tumuli katon ana pawon
kumelun lan obor murub kang lumaku metu
ing saselane sigaran-sigaran daging mau.
18 Ing dina iku Sang Yehuwah damel prasetyan
karo Rama Abram, pangandikane: "Turunira
bakal Sunparingi tanah iki, wiwit saka kali
ing Mesir nganti tekan ing bengawan gedhe
Efrat, 19 yaiku tanahe bangsa Keni, bangsa

Kenas, bangsa Kadmon, 20 bangsa Het, bangsa
Feris, bangsa Refaim, 21 bangsa Amori, bangsa
Kanaan, bangsa Girgasi lan bangsa Yebus."

Ibu Hagar lan Ismael

16:1-16

16 1 Anadene Ibu Sarai, garwane Rama
Abram iku ora kagungan putra.
Panjenengane kagungan abdi wadon bangsa
Mesir jenenge Hagar. 2 Ibu Sarai matur
marang Rama Abram: "Lah ta, kula dipun
ganjar gabug dening Sang Yehuwah, temah
boten gadhah anak, sumangga kula aturi
mundhut abdi estri rencang kula punika,
bokmanawi kula angsal anak saking rencang
wau." Rama Abram ndhahar ature Ibu
Sarai, 3 lan Ibu Sarai garwane Rama Abram
nuli ngaturake Hagar abdine wadon wong
Mesir mau marang Rama Abram kang
raka dadi garwane; kelakone prakara iku
nalika Rama Abram wus dedalem sepuluh
taun ana ing tanah Kanaan, 4 Rama Abram
banjur ngrawuhi Ibu Hagar, lan iku kelakon
ngandhut. Nanging bareng rumangsa yen wus
ngandhut, banjur ngremehake bendarane
putri. 5 Ibu Sarai tumuli matur marang
Rama Abram: "Bab anggenipun nyakitaken
manah kula punika, panjenengan ingkang
tanggel-jawab, kula sampun ngaturaken
rencang estri wau dhateng panjenengan,
nanging sapunika sareng rumaos wawrat,
kok lajeng nyepelekakaken kula. Sang Yehuwah

mugi paring kaleresan ing antawisipun kula
kaliyan panjenengan.” [6] Rama Abram banjur
ngandika marang Ibu Sarai: “Lah ta baturmu
iku ana ing panguwasamu, tandukana apa
kang kokrasa patut!” Ibu Sarai banjur nindhes
kang banget marang Ibu Hagar, satemah iku
banjur minggat.
[7] Nanging Sang Malaekate Yehuwah tumuli
manggihi Ibu Hagar ana ing sacedhake belik
ing pasamunan, iya iku belik ing dalan kang
anjog ing Syur. [8] Banjur dipangandikani:
“Hagar, abdine Sarai, saka ngendi sira iku lan
menyang ngendi paranira?” Unjuke Ibu Hagar:
“Kawula minggat saking ngarsanipun bendara
kawula Sarai.” [9] Sang Malaekate Yehuwah
banjur ngandika marang Ibu Hagar: “Sira balia
marang bendaranira lan nungkula marang ing
pamengkune.” [10] Karomaneh dipangandikani
dening Sang Malaekate Yehuwah mangkena:
“Turunira bakal Suntangkarake dadi akeh
banget, nganti ora kena dietung, awit saka
akehe.” [11] Sang Malaekate Yehuwah tumuli
mangandikani maneh: “Lah sira iku lagi
ngandhut, lan bakal nglairake anak lanang,
iku sira jenengna Ismael, awitdene Sang
Yehuwah wus nguningani kasangsaranira.
[12] Anakira mau bakal kaya kuldi alas,
tangane bakal nglawan saben wong lan
iya bakal genten dilawan dening saben
wong, sarta pamanggone bakal ana ing
ngarepane para kadange.” [13] Ibu Hagar
tumuli nyebut asmane Sang Yehuwah kang
mangandikani mau: “Paduka punika El-Roi”,

sabab pangunandikane: “Aku ana ing kene
rak wus ndeleng Panjenengane kang mirsani
aku?” 14 Mulane belik mau diarani: Sumur
Lakhai-Roi, prenahe ana ing antarane Kadesy
lan Bered.
15 Ibu Hagar banjur mbabar putra kakung
patutan saka Rama Abram. Dene Rama Abram
maringi asma marang putrane kang miyos
saka Ibu Hagar mau: Ismael. 16 Anadene
yuswane Rama Abram nalika Ibu Hagar
peputra Ismael karo panjenengane mau
wolung puluh nem taun.

Tetak minangka pratandha prajanjiane Gusti Allah kalawan Rama Abraham

17:1-27

17 1 Nalika Rama Abram yuswa sangang
puluh sanga taun, diketingali dening
Sang Yehuwah sarta kadhawuhan mangkene:
“Ingsun iki Allah Kang Mahakawasa, sira
lumakua ana ing marginingSun lan ditanpa
cacad. 2 Ingsun bakal damel prasetyan ing
antarane Ingsun lan sira, Ingsun bakal
nangkarake sira nganti dadi akeh banget.”
3 Rama Abram tumuli sumungkem ing
bumi, sarta dipangandikani dening Gusti
Allah mangkene: 4 “Tumrap Ingsun yaiki
prasetyaningSun karo sira, yen sira bakal dadi
leluhure bangsa akeh. 5 Jenengira sabanjure
aja Abram, nanging Abraham, marga sira iku
wus Suntamtokake dadi leluhure golonganing
bangsa. 6 Ingsun bakal ndadekake sira

tangkar-tumangkar nganti akeh banget,
temah sira bakal dadi bangsa pirang-pirang,
lan sira bakal nurunake para raja; 7 karodene
Ingsun bakal nganakake prajanjian ing
antarane Ingsun kalawan sira saturunira
nganti turun-tumurun dadi prasetyan kang
langgeng, supaya Ingsun dadi Allahira lan
Allahe turunira. 8 Sarta maneh sira lan turunira
bakal Sunparingi tanah iki kang sira enggoni
kayadene wong neneka, iya tanah Kanaan iki
kabeh, dadi darbekira langgeng salawase, lan
Ingsun bakal jumeneng dadi Allahe."
9 Karodene pangandikane Gusti Allah marang
Rama Abraham maneh: "Dene sira, sira
netepana prasetyaningSun, iya sira dalah
turun-turunira. 10 Iki prasetyaningSun kang
kudu sira tetepi, prajanjian ing antarane
Ingsun lan sira dalah turun-turunira, yaiku
supaya sadhengaha panunggalanira kang
lanang katetakana. 11 Sira padha netakana
ikutira, iku kang minangka pratandhaning
prasetyan ing antarane Ingsun lan sira. 12 Anak
kang umur wolung dina iku katetakana, yaiku
saben anak lanang ing antaranira nganti
turun-tumurun, dalah kang dudu turunira kang
lair ana ing omahira utawa kang dituku sarana
dhuwit saka sadhengah bangsa. 13 Dadia
kang lair ing omahira, dadia kang katuku
sarana dhuwitira, kabeh iku poma padha sira
tetakana, satemah prasetyaningSun iku ana
ing dagingira dadi prasetyan kang langgeng.
14 Anadene wong lanang kang ora ditetaki,
yaiku kang ora katetakan ikute, wong kaya

mangkono iku katumpesa saka ing antarane
wong-wong golonganing bangsane; iku
ngrusak prsetyaningSun."
15 Gusti Allah ngandika maneh marang Rama
Abraham: "Sarai somahira iku aja sira sebut
Sarai maneh, nanging Sara, iku dadia jenenge,
16 iku bakal Sunberkahi, dene sira iya bakal
Sunparingi anak lanang patutan saka somahira
iku, lan iya bakal Sunberkahi temah bakal
dadi ibune bangsa pirang-pirang, lan bakal
nurunake para raja." 17 Rama Abraham banjur
sumungkem konjem ing bumi karo gumujeng,
pangunandikane: "Wong kang wus umur satus
taun apa kelakon anak-anak, lan Sara kang
wus umur sangang puluh taun iku apa iya bakal
nglairake anak?" 18 Unjuke Rama Abraham
marang Gusti Allah: "Mugi Ismael kemawon
Paduka parengaken gesang wonten ngarsa
Paduka!" 19 Nanging pangandikane Gusti Allah:
"Ora, sanyata somahira Sara bakal nglairake
anak patutan saka sira, iku sira jenengna
Iskak, karo Iskak iku Ingsun bakal nganakake
prajanjianingSun dadi prasetyan kanggo
marang turun-turune. 20 Dene mungguh
Ismael iku, panyuwunira iya Sunjurungi, lah
iku iya bakal Sunberkahi lan Sundadekake
bebranahan sarta Suntangkarake dadi
akeh banget, apadene bakal nurunake raja
rolas, lan bakal Sundadekake bangsa kang
gedhe. 21 Nanging prasetyaningSun iku bakal
Sunanakake karo Iskak, kang bakal lair saka
Sara patutan saka sira besuk taun ngarep
pendhake mangsa iki." 22 Sawuse rampung

anggone mangandikani mangkono mau, Gusti
Allah banjur sumengka nilar Rama Abraham.
[23] Sawuse mangkono Rama Abraham banjur
mundhut Ismael putrane lan sakehe para
abdi kang lair ana ing daleme sarta abdi
kang sarana katuku ing dhuwit, sadhengaha
kang lanang kang tinemu ana ing daleme,
iku pada ditetaki ikute ing dina iku uga, kaya
kang kadhawuhake dening Gusti Allah marang
panjenengane. [24] Rama Abraham nalika supit
yuswane sangang puluh sanga taun, [25] lan
Ismael putrane disupiti nalika yuswa telulas
taun. [26] Bareng sadina iku uga Rama Abraham
anggone kasupitan karo kang putra Ismael;
[27] lan sakehe wong lanang kang ana ing
daleme, dadia kang lair ana ing kono, dadia
kang katuku kalawan dhuwit saka bangsa liya,
pada ndherek katetakan kabeh bareng karo
panjenengane.

Gusti Allah mangsuli kasagahane anggone bakal maringi putra kakung marang Rama Abraham

18:1-15

18 [1] Sawuse mangkono Sang Yehuwah
ngatingal marang Rama Abraham ana
ing sacedhake wit tarbantin ing Mamre, nalika
pinuju lenggahan ana ing lawanganing tarube
wayah awan mbeneri panas gumemplang.
[2] Bareng ndengengek mirsa priya telu
jumeneng ing ngarsane, banjur murugi
methukake sarta sumungkem ing bumi [3] karo

matur: “Dhuh para bendara, manawi kula
manggih sih wonten ing ngarsa panjenengan,
mugi tindak panjenengan sampun ngantos
nglangkungi ingkang abdi; 4 manawi kepareng
wontena ingkang mendhetaken toya sakedhik,
kagem wijik sampeyan, lajeng sami karsaa
lenggah wonten ing sangandhaping wit-witan
punika; 5 dene kula keparenga mendhet
roti sekedhik, kangge ngiyataken sarira;
sasampunipun makaten, sumangga manawi
badhe nglajengaken tindak, dene rak pancen
makaten punika karsa panjenengan sami
tindak nglangkungi tarubipun ingkang abdi.”
Pangandikane tamu: “Iya tindakna apa kang
dadi karepmu!” 6 Rama Abraham tumuli
enggal-enggal menyang tarube nemoni Ibu
Sara, sarta ngandika: “Dienggal njupuka
glepung alus telung taker, endang uleten
gawenen roti bunder!” 7 Rama Abraham
banjur rerikatan murugi sapine, nuli mundhut
pedhet kang empuk lan becik daginge, nuli
ditampakake marang abdine, sarta iku enggal-
enggal tumandang ngolah. 8 Sawuse iku
mundhut mertega lan susu, karo pedhet kang
wus didhawuhake ngolah mau, diladosake
marang tamune. Rama Abraham ngadhep
tamune ana sangisore wit kono nalika tamune
padha dhahar. 9 Tamune tumuli ngandika:
“Sara somahira ana ing ngendi?” Unjuke
Rama Abraham: “Wonten ing lebet tarub.”
10 Pangandikane Sang Yehuwah: “Satemene
setaun engkas Ingsun bakal rawuh mrene
maneh, lah ing kono Sara somahira bakal

duwe anak lanang." Pangandika mau kepireng dening Ibu Sara kang ana ing lawanging tarub kaprenah ing saburine para tamu.
11 Anadene Ibu Sara lan Rama Abraham wus sepuh lan akeh yuswane, Ibu Sara wus ora ngalami kaya salumrahe wong wadon.
12 Mulane Ibu Sara gumujeng sajroning galih, pangunandikane: "Aku wus tuwa mangkene apa isih duwe papenginan saresmi, mangka bendaraku iya wus sepung mangkono?"
13 Sang Yehuwah banjur ngandika marang Rama Abraham: "Yagene Sara gumuyu sarta duwe osik: Apa iya temenan aku isih bakal duwe anak, wong aku wus tuwa mangkene?
14 Tumraping Yehuwah apa ana kang mokal? Ing wektu kang wus katetepake iku, yaiku setaun engkas Ingsun bakal ngrawuhi sira maneh, nuli Sara bakal duwe anak lanang."
15 Ibu Sara selak, unjuke: "Kawula boten gumujeng." Enggone munjuk mangkono iku marga wedi. Ewadene pangandikane Sang Yehuwah: "Ora, sira mau pancen gumuyu!"

Rama Abraham ndongakake wong ing Sodom

18:16-33

16 Sawuse mangkono para priya mau banjur padha tedhak saka ing kono, tindake ngener tanah Sodom; Rama Abraham ndherek sumedya nguntapake.
17 Sang Yehuwah ngunandika: "Apa iya Abraham ora Sunparingi weruh apa kang bakal Suntindakake?

[18] Abraham iku rak bakal dadi bangsa gedhe
lan kawasa, lan sakehe para bangsa ing bumi
bakal pada kaberkahan marga saka Abraham?
[19] Marga wus Sunpilih supaya mrentahana
marang anak-anake lan tedhak-turune amrih
padha ngambaha margine Sang Yehuwah,
sarta nglakoni kabeneran lan kaadilan, supaya
Sang Yehuwah maringana marang Abraham
apa kang wus diprasetyakake.” [20] Sang
Yehuwah banjur ngandika: “Ana alok kang
rame bab tanah Sodom lan Gomora, yen
luwih dening gedhe durakane. [21] Ingsun bakal
tumedhak lan niti-priksa, apa iya lakune iku
cocog karo alok kang wus tumeka marang
Ingsun apa ora?”

[22] Priya-priya mau tumuli padha tindak
saka ing kono murugi Sodom, nanging
Rama Abraham isih tetep ngadeg ana ing
ngarsane Sang Yehuwah. [23] Rama Abraham
banjur nyelak sarta matur: “Punapa Paduka
badhe numpes tiyang mursid sesarengan
kaliyan tiyang duraka? [24] Bokmanawi ing
salebeting nagari ngriku wonten tiyangipun
seket ingkang mursid; punapa inggih badhe
Paduka tumpes?” Punapa Paduka boten
ngeman dhateng panggenan punika, sabab
ing ngriku wonten tiyangipun seket ingkang
mursid? [25] Mugi tebiha saking Paduka tindak
ingkang kados makaten punika; mejahi
tiyang mursid tunggil kaliyan tiyang duraka,
temah tiyang mursid kados-kados sami
kaliyan tiyang duraka! Ingkang makaten
wau mugi tebiha saking Paduka! Punapa

Hakiming jagad boten nindakaken kaadilan?”
26 Pangandikane Sang Yehuwah: “Manawa
ing sajroning nagara Sodom Ingsun manggih
wong seket kang mursid, mesthi sapanggonan
kono kabeh Sunparingi pangapura marga
saka wong seket mau.” 27 Rama Abraham
mungsuli, unjuke: “Kawula kamipurun
munjuk wonten ing ngarsa Paduka, sanadyan
kawula punika namung lebu tuwin awu.
28 Bokmanawi tiyangipun seket ingkang
mursid wau wonten kirangipun gangsal,
punapa margi saking tiyang gangsal punika
Paduka badhe numpes sanagari sadaya?”
Pangandikane sang Yehuwah: “Mesthi ora
Suntumpes, yen Ingsun manggih wong patang
puluh lima kang mursid.” 29 Rama Abraham
nyambeti atur maneh, unjuke: “Bokmanawi
ing ngriku namung kapanggih kawandasa.”
Pangandikane Sang Yehuwah: “Mesthi bakal
Sunwurungake marga saka wong patang
puluh iku.” 30 Rama Abraham munjuk maneh:
“Paduka mugi sampun ngantos duka, manawi
kawula munjuk sapisan malih: Bokmanawi
ing ngriku namung pinanggih tiyang tigang
dasa.” Pangandikane Sang Yehuwah: “Mesthi
bakal Sunwurungake, manawa ing kono
Ingsun manggih wong telung puluh.” 31 Rama
Abraham isih meksa munjuk maneh: “Kawula
kamipurun munjuk wonten ngarsa Paduka,
bokmanawi ing ngriku namung wonten tiyang
kalih dasa.” Pangandikane Sang Yehuwah:
“Mesthi ora Suntumpes marga saka wong
rong puluh iku.” 32 Rama Abraham munjuk

maneh: “Paduka mugi sampun ngantos
duka, kawula badhe munjuk sapisan malih:
Bokmanawi ing ngriku namung pinanggih
sadasa.” Pangandikane Sang Yehuwah:
“Mesthi bakal ora Suntumpes marga saka
wong sepuluh iku.” [33] Bareng Sang Yehuwah
wus mungkasi anggone mangandikani Rama
Abraham, banjur nglajengake tindake, dene
Rama Abraham tumuli wangsul menyang ing
panggenane.

Sodom lan Gomora kasirnakake,

Lut kapitulungan

19:1-29

19 [1] Ing wayah sore malaekat loro mau
padha rawuh ing Sodom, Lut mbeneri
linggihan ana ing gapurane Sodom; bareng
Lut weruh malaekat mau, banjur methukake
lan sumungkem ing bumi, [2] ature: “Dhuh
bendara, panjenengan kula aturi rawuh ing
griyanipun ingkang abdi, sami karsaa nyare
saha wijik sampeyan, benjing-enjing kula
aturi nglajengaken tindak.” Pangandikane
malaekat: “Ora, aku arep padha nginep ana
ing alun-alun bae.” [3] Nanging Lut banget
anggone ngrerepa, satemah padha nuruti lan
lumebet ing omahe, banjur disegah roti tanpa
ragi, tumuli dhahar. [4] Kacarita sadurunge
mapan sare, lah wong-wong lanang ing
nagara kono, para wong lanang ing Sodom,
padha ngepung omahe Lut, wiwit kang enom

nganti kang tuwa, malah sakutha kabeh
kerig-lampit ora ana kang keri,
5 banjur padha
celuk-celuk marang Lut, tembunge: “Ana
ing ngendi wong lanang kang merdhayoh
ana ing omahmu bengi iki? Wetokna mrene!
Arep padha dakjamah.”
6 Lut tumuli metu
nemoni wong-wong mau ana ing sangarepe
lawang, sarta lawange diinebake,
7 celathune:
“Dhuh para sadherek, bok sampun sami
nindakaken resah kados makaten ta!
8 Lah
ta, kula gadhah anak estri kalih, sadaya
taksih sami prawan, punika badhe kula
wedalaken, sumangga sampeyan damel
sapikajeng sampeyan! Nanging tiyang-tiyang
punika sampun sampeyan ganggu-damel,
margi sampun sami ngaub ing pondhok kula.”
9 Nanging pangucape wong akeh mau: “Wis,
sumingkira!” Karomaneh celathune: “Wong
iki tekane ing kene rak dadi wong neneka,
kok arep dadi hakim kita! Saiki kowe arep
dakajar ngungkuli wong loro iku!” Banjur
padha ndhesek wonge, yaiku Lut kalawan seru
sarta arep padha mbejad lawang.
10 Nanging
priya loro mau banjur padha mulung astane,
Lut digered mlebu ing omah sarta lawange
dikancing,
11 dene wong-wong kang padha ana
ngarep lawang, kabeh padha kena wewelak
dadi picak, kang cilik dalah kang gedhe,
temahan anggone nggoleki lawang ora bisa
ketemu.

12 Priya mau tumuli padha ngandika marang
Lut: “Kowe isih duwe sanak sapa maneh
anak ing kene? Anak mantu, anakmu lanang

utawa wadon, utawa sapa bae kang klebu
akrabmu kang ana ing jero kutha kene, kabeh
padha ajaken metu saka ing panggonan iki!
13 Sabab panggonan iki selak arep padha
daktumpes, marga pangresulane wong kang
banget ing bab kutha iki wus sumengka ana
ing pangayunane Sang Yehuwah. Awit saka
iku aku padha kautus dening Sang Yehuwah
nyirnakake panggonan kene." 14 Lut banjur
lunga ngandhani calon mantune, kang arep
padha sesomahan karo anake, tembunge:
"Dienggal padha metua saka ing panggonan
kene, awit Sang Yehuwah selak nggempur
kutha iki." Nanging calon mantune loro-lorone
padha ngarani yen Lut mau mung sembranan
bae.
15 Bareng wayah bangbang wetan, malaekat
loro mau padha ngatag marang Lut, supaya
cekat-ceket, dhawuhe: "Ngadega, somahmu
lan anakmu wadon loro kang ana ing kene
enggal gawanen lunga, supaya kowe aja
nganti katumpes marga saka durakane kutha
iki!" 16 Sarehne mangu-mangu, mulane priya
mau banjur padha nyandhak tangane Lut,
tangane somahe lan anake wadon karo
pisan, marga saka pangemane Sang Yehuwah
marang dheweke; banjur dituntun metu
menyang ing sajabane kutha sarta dieculake
ana ing kono. 17 Priya mau bareng wus nuntun
tekan ing jaban kutha, kang siji ngandika:
"Lumayua, ungsekna uripmu! Aja noleh lan
aja mondhag-mandheg babar pisan ana ing
saurute lebak Yarden iki, ngungsia menyang

ing pagunungan, supaya kowe kabeh aja
nganti tumpes.” [18] Lut munjuk marang priya
mau: “Sampun kados makaten ta, dhuh
bendara! [19] Ingkang abdi sampun manggih
sih wonten ing ngarsa panjenengan, saha
panjenengan sampun nandukaken kawelasan
dhateng kula, dene ngantos mitulungi gesang
kula. Nanging kula mesthi boten saged
ngungsi ngantos dumugi pareden, awit kula
tamtu sampun ketututan ing bilai punika
saha lajeng pejah. [20] Lah ta, kitha ngajeng
punika celak, kenging kula ungseni, kithanipun
alit; mugi kula kalilana ngungsekaken
gesang mriku kemawon, supados kula
kapitulungana gesang. Kitha punika rak alit
ta?” [21] Panjenengane gentos ngandika marang
Lut: “Iya wis, dakjurungi panyuwunmu, kutha
cilik kang kokaturake iku bakal ora daktumpes.
[22] Dikebat ngungsia mrana, amarga aku ora
bakal nindakake apa-apa sadurunge kowe
tekan ing kana.” Awit saka iku kutha mau
katelah aran: Zoar. [23] Srengenge wus mlethek
ngungkuli bumi nalika Lut tekan ing Zoar.

[24] Sawuse mangkono Sang Yehuwah tumuli
ngudanake walirang lan geni marang tanah
Sodom lan Gomora, tumurune udah saka
Sang Yehuwah, saka ing langit, [25] kutha-kutha
mau diwolak-walik dalah lebak Yarden pisan
lan sakehe wong ing kutha-kutha kono tekan
tanem-tuwuhe. [26] Nanging somahe Lut iku
mandheg tumoleh, temah malih dadi tugu
uyah njenggeleg.

27 Bareng wayah esuk umun-umun Rama
Abraham tindak menyang ing panggonane
jumeneng nalika sowan ana ing ngarsane
Sang Yehuwah, 28 bareng mirsani menyang
prenahe Sodom lan Gomora tekan lebake
Yarden pisan, katon ana kukus kumelun saka
ing bumi memper kukuse pawon paleburan.
29 Nalika Gusti Allah nggempur kutha-kutha
ing lebak Yarden lan nalika malik kutha
kang dienggoni dening Lut, Gusti Allah enget
marang Rama Abraham, banjur ngirid Lut
metu saka ing satengahe patumpesan.

Lut lan anake wadon loro

19:30-38

30 Anadene Lut budhal saka Zoar banjur
manggon ing pagunungan karo anake wadon
loro, marga ora wani manggon ing Zoar;
pamanggone ana ing guwa dalah anake
wadon loro pisan. 31 Kacarita anak kang tuwa
tutur marang kang enom, tembunge: "Bapak
wis tuwa, mangka ing tanah kene ora ana
wong lanang kang sapaturon karo aku lan
kowe kaya salumrahe wong sajagad. 32 Payo,
bapak diaturi ngunjuk anggur, nuli padha
ngewori turu, supaya kita padha oleh turun
saka bapak." 33 Ing bengi iku bapakne diaturi
ngunjuk anggur, anak kang tuwa banjur mlebu
lan awor turu karo bapakne, Lut ora sumurup
apa-apa, nalika anake nusul lan nalika tangine.
34 Esuke kang tuwa ngucap marang kang
enom, tembunge: "Mau bengi aku wis kelakon

awor turu karo bapak; mengko bengi padha
diaturi ngunjuk anggur maneh, kowe genten
nusula awor turu, supaya kita padha oleh
turun saka bapak kita.” 35 Kelakon bareng
bengi bapakne iya padha diaturi ngunjuk
anggur maneh. Kang enom nuli nusul awor
turu, dene Lut ora sumurup apa-apa, dadia
anggone anake nusul utawa anggone tangi.
36 Anake Lut sakarone tumuli padha ngandhut
saka bapakne. 37 Kang tuwa banjur duwe anak
lanang dijenengake: Moab, iya iku kang dadi
leluhure bangsa Moab ing saiki iki. 38 Kang
enom uga duwe anak lanang dijenengake
Ben-Ami, iya iku kang dadi leluhure bangsa
Amon saiki iki.

Rama Abraham lan Sang Raja ing Gerar

20:1-18

20 1 Rama Abraham banjur bidhal saka
ing kono menyang ing Tanah Negeb,
lan manggen ana ing antarane Kadesy lan
Syur, neneka ana ing Gerar. 2 Sarehne Rama
Abraham ngendikakake bab Ibu Sara, garwane:
“Iku sadulurku,” mulane Sang Prabu Abimelekh
raja ing Gerar utusan mundhut Ibu Sara.
3 Nanging Gusti Allah ngetingali marang Sang
Prabu Abimelekh ing sajroning pasupenan
lan ngandika: “Lah sira mesthi bakal mati
marga saka wong wadon kang sira jupuk
iku, sabab iku wus duwe bojo.” 4 Anadene
Sang Prabu Abimelekh durung tau nggepok
marang Ibu Sara, mulane banjur munjuk:

“Dhuh Pangeran, punapa Paduka inggih badhe
mejahi bangsa ingkang boten lepat? 5 Punapa
sanes tiyangipun piyambak ingkang cariyos
dhateng kawula: Punika sadherek kula.
Sarta malih ingkang estri piyambak ingkang
sanjang: Punika sadherek kula. Anggen kawula
nglampahi makaten punika kanthi manah
ingkang jujur saha tangan ingkang resik.”
6 Gusti Allah tumuli ngandika maneh marang
Sang Prabu Abimelekh sajroning pasupenan
mau: “Ingsun mirsa yen anggonira mangkono
iku metu saka ati kang jujur, lan iya Ingsun
piyambak kang menggak marang sira supaya
aja nganti gawe dosa marang Ingsun. Mulane
sira ora Sunlilani nggepok wong wadon iku.
7 Mulane, wong wadon iku balekna marang
somahe, awitdene Abraham iku nabi, sarta
bakal ndongakake sira, supaya sira bisa lestari
urip; nanging manawa wong wadon mau ora
sira balekake, wruhanira yen sira mesthi bakal
mati, sira lan kabeh wongira.”
8 Bareng esuk umun-umun Sang Abimelekh
wungu sarta nimbali para abdine, dicaritani
bab pangandika mau, temahan wong kabeh
padha wedi banget. 9 Sang Prabu Abimelekh
banjur utusan nimbali Rama Abraham, tumuli
dipangandikani: “Punapa ingkang panjenengan
tandukaken dhateng kula punika lan kula
kalepatan punapa dhateng panjenengan,
dene panjenengan kok ndhatengaken dosa
ageng dhateng kula lan kedhaton kula?
Ingkang panjenengan tandukaken dhateng
kula punika boten pantes sanget.” 10 Sang

Prabu Abimelekh ngandika marang Rama
Abraham maneh: “Karsa panjenengan punapa,
dene ngantos nglampahi kados makaten
punika?” 11 Rama Abraham mangsuli ature:
“Panginten kula, ing ngriki babar pisan boten
wonten panembah dhateng Gusti Allah,
pramila kula mesthi badhe dipun pejahi margi
saking semah kula. 12 Kaliyan malih punika
inggih sadherek kula sayektos, anakipun
bapa kula, nanging sanes anakipun embok
kula, lajeng dados semah kula. 13 Nalika kula
dipun karsakaken dening Gusti Allah supados
nilar bale griyanipun tiyang sepuh, kula
lajeng nglembara, semah kula kula sanjangi
makaten: Bok kowe nandukna katresnan
marang aku mangkene: Ing saenggon-enggon
kang bakal dakparani, kowe tutura tumrap aku
mangkene: Punika sadherek kula!” 14 Sang
Prabu Abimelekh tumuli mundhut wedhus
lan sapi, batur tukon lanang lan wadon,
padha diparingake marang Rama Abraham;
apadene Ibu Sara kang garwa diwangsulake
marang panjenengane. 15 Pangandikane
Sang Prabu Abimelekh: “Lah tanah kula
ngeblag wonten ing ngarsa panjenengan,
sumangga kula aturi dedalem wonten ing
pundi kemawon ingkang panjenengan
karsakaken.” 16 Sarta banjur ngandika marang
Ibu Sara: “Lah kula sampun nyaosi sadherek
panjenengan sewu sekel selaka, minangka
bukti tumrap ing kasucen panjenengan wonten
ing ngajengipun sadaya tiyang, ingkang
wonten ing wewengkon panjenengan, temah

panjenengan lajeng kaleresaken ing sadaya
prakawis.” [17] Rama Abraham banjur ndedonga
konjuk marang Gusti Allah, sarta Gusti Allah
tumuli maluyakake Sang Prabu Abimelekh,
kang garwa sarta para abdine wadon, satemah
padha bisa duwe anak. [18] Awit dene ing
maune Sang Yehuwah ngganjar gabug ing
sadhengah wong wadon ing kratone Sang
Prabu Abimelekh, marga saka Ibu Sara
garwane Rama Abraham.

Miyose Iskak

21:1-7

21 [1] Kacarita Sang Yehuwah nuweni
marang Ibu Sara, kaya kang wus
dipangandikakake lan Sang Yehuwah karsa
nandukake marang Ibu Sara kaya kang wus
diprasetyakake. [2] Ibu Sara nggarbini sarta
mbabar putra kakung patutan saka Rama
Abraham nalika Rama Abraham wus sepuh,
ing waktu kang wus ditetepake, cocog karo
pangandikaning Allah marang panjenengane.
[3] Putrane kang mentas miyos, kang miyos
saka Ibu Sara, iku diparingi asma Iskak dening
Rama Abraham, [4] sarta Rama Abraham banjur
nyupiti kang putra Iskak, nalika yuswa wolung
dina, ngetrepi dhawuhe Gusti Allah marang
panjenengane. [5] Rama Abraham yuswa satus
taun nalika kang putra Iskak mau miyos. [6] Ibu
Sara banjur ngandika: “Gusti Allah damel aku
gumuyu, sapa kang krungu bab iki, mesthi
bakal gumuyu marga saka aku.” [7] Sarta maneh

pangandikane: “Dhek biyen sapa kang bisa ngandhani marang Rama Abraham: Sara nusoni anak? Ewadene aku wus nglairake anak lanang, nalika panjenengane wus sepuh.”

Ibu Hagar lan Ismael katundhung dening Rama Abraham

21:8-21

8 Kacarita putra mau saya mundhak gedhe,
banjur disapih. Rama Abraham nganakake
pista gedhen nalika dina panyapihe Iskak
mau. 9 Nalika iku Ibu Sara mirsa putrane
Ibu Hagar wong Mesir patutan karo Rama
Abraham moyoki marang Iskak, 10 banjur
matur marang Rama Abraham: “Rencang
tumbasan punika dalah anakipun panjenengan
dhawuhi kesah saking ngriki, margi anakipun
rencang tumbasan punika boten badhe tumut
angsal warisan kaliyan anak kula Iskak.”
11 Atur mangkono iku ndadekake renguning
galihe Rama Abraham, marga saka kang putra.
12 Nanging pangandikane Gusti Allah marang
Rama Abraham: “Aja nganti dadi rengune
atinira marga saka bocahe lan baturira; apa
sapanjaluke Sara marang sira iku turutana,
awitdene trah kang saka Iskak iku kang
bakal kasebut turunira. 13 Ewasamono anake
baturira iku iya bakal Sudadekake bangsa
gedhe, marga iku iya wijinira.”
14 Esuke umun-umun Rama Abraham wungu,
mundhut roti lan banyu saimpes diparingake
marang Ibu Hagar katumpangake ing

pundhake, mangkono uga si bocah, sawuse
banjur didhawuhi lunga. Ibu Hagar tumuli
mangkat, nanging lakune kesasar ana ing
pasamunan Bersyeba. [15] Bareng banyune ing
impes wus entek, bocahe banjur diselehake
ana ing sangisoring grumbulan. [16] Ibu
Hagar banjur menyat ndhewe sarta lungguh
dohe watara sapamanah, pangunandikane
mangkene: "Aku ora tegel ndeleng bocahe
anggone arep mati." Sawuse mapan lungguh,
banjur ngulukake swarane lan nangis.
[17] Gusti Allah miyarsa sambate si bocah, Sang
Malaekate Allah banjur nguwuh marang Ibu
Hagar saka ing akasa, pangandikane: "Hagar,
ana apa? Aja kuwatir, marga Gusti Allah wus
miyarsakake pasambate si bocah ana ing
panggonane ngglethak. [18] Ngadega! Bocahe
tangekna, tuntunen marga bakal Sundadekake
bangsa gelengan gedhe." [19] Gusti Allah banjur
mbikak mripate Ibu Hagar, satemah weruh
ana belik, tumuli diparani lan impese diiseni
banyu sarta bocahe diombeni. [20] Anadene
Gusti Allah nunggil karo si bocah, temahan
saya mundhak gedhe lan pamanggone ana ing
pasamunan dadi juru manah. [21] Pamanggone
ana ing pasamunan Paran, sarta digolekake
sisihan dening ibune saka ing tanah Mesir.

Rama Abraham gawe prajanjian karo Sang Prabu Abimelekh

21:22-34

22 Kacarita nalika samana Sang Prabu
Abimelekh karo Sang Pikhol senapatine
ngandika marang Rama Abraham, tembunge:
“Gusti Allah sampun nunggil kaliyan
panjenengan ing sadaya prakawis ingkang
panjenengan tindakaken. 23 Pramila ing
sapunika sumangga kula aturi supaos dhateng
kula demi Gusti Allah wonten ing ngriki, bilih
panjenengan boten badhe nyidrani dadosa
dhateng kula, utawi dhateng anak-anak
kula saha tedhak-turun kula; panjenengan
nandukna kasaenan dhateng kula saha
dhateng nagari ingkang panjenengan
dunungi kadosdene tamu punika, kados
anggen kula sampun nandukaken kasaenan
dhateng panjenengan.” 24 Ature Rama
Abraham: “Inggih kula supaos!” 25 Nanging
Rama Abraham nutuh marang Sang Prabu
Abimelekh, prakara sumur kang direbut
dening para abdine. 26 Pangandikane Sang
Prabu Abimelekh: “Kula boten sumerep,
sinten ingkang tumindak makaten punika,
saha panjenengan ugi boten paring sumerep
dhateng kula, wartosipun kula saweg mireng
dinten punika.” 27 Rama Abraham banjur
mundhut wedhus lan sapi diaturake Sang
Prabu Abimelekh, sarta sakarone banjur pada
damel prajanjian. 28 Nanging Rama Abraham

miyambakake cempe gembel wadon pitu
saka panthan mau. 29 Sang Prabu Abimelekh
banjur ngandika marang Rama Abraham:
“Cempe gembel pitu ingkang panjenengan
piyambakaken punika, punapa pikajengipun?”
30 Atur wangsulane Rama Abraham: “Cempe
gembel pitu punika mugi panjenengan
tampeni piyambak saking tangan kula, kangge
pratandha bilih ingkang ndhudhuk sumur
punika kula.” 31 Mulane panggonan iku katelah
aran Bersyeba, marga ana ing kono sakarone
anggone padha sumpah. 32 Sawuse damel
prajanjian kaya mangkono mau ana ing
Bersyeba, Sang Prabu Abimelekh banjur
bidhal kadherekake Sang Pikhol senapatine,
kondur menyang tanahe wong Filisti. 33 Rama
Abraham ana ing Bersyeba mau nanem wit
tamariska, sarta ngluhurake asmane Sang
Yehuwah Allah kang sipat langgeng. 34 Rama
Abraham anggone manggen neneka ana ing
tanahe wong Filisti iku nganti antara lawas.

Pracayane Rama Abraham kacoba

22:1-19

22 1 Kacarita sawuse lelakon mau
Gusti Allah karsa nyobi marang
Rama Abraham. Pangandikane mangkene:
“Abraham.” Unjuk wangsulane Rama Abraham:
“Kawula nuwun, kula.” 2 Dhawuhe Gusti Allah:
“Anakira ontang-anting, kang sira kasihi, yaiku
si Iskak, iku alapen, gawanen menyang ing
tanah Moria, ana ing kono saosna kagawe

kurban obaran ana ing salah sawijining
gunung kang bakal Suntedahake marang
sira.” 3 Esuke umun-umun Rama Abraham
wungu, banjur ngabah-ngabahi kuldine,
mbekta abdine loro lan kang putra Iskak;
sarta nyigari kayu kanggo kurban obaran,
banjur bidhal tindak menyang panggonan kang
kadhawuhake dening Gusti Allah. 4 Bareng
telung dinane Rama Abraham tumenga lan
mirsa panggonane saka kadohan; 5 banjur
ngandika marang abdine loro: “Kowe karo
kuldine padha karia ana ing kene, aku karo
bocah iki arep mrana prelu sembahyang,
sawuse iku aku bakal padha mbaleni kowe
maneh.” 6 Rama Abraham tumuli mundhut
kayune kurban obaran diemotake marang
kang putra Iskak, sarta ngasta geni lan lading.
Mangkono sakarone padha tindak sesarengan.
7 Iskak banjur matur marang kang rama:
“Rama!” Paring wangsulane Rama Abraham:
“Ana apa ngger, anakku?” Ature kang putra:
“Lah punika latu lan kajengipun sampun
wonten, nanging cempe ingkang kadamel
kurban obaran wonten pundi?” 8 Rama
Abraham mangsuli pangandikane: “Mungguh
cempe kang bakal kagawe kurban obaran iku
Gusti Allah piyambak kang bakal nyadhiyani,
anakku ngger!” Mangkono sakarone padha
tindak sesarengan.

9 Sawuse padha tekan ing papan kang
kadhawuhake dening Gusti Allah, Rama
Abraham tumuli yasa misbyah ana ing kono,
kayune banjur ditata, kang putra Iskak

ditaleni sarta ditumpangake ing misbyah ing
sadhuwure kayu. [10] Rama Abraham tumuli
mulung astane ngasta lading, karsa nyembeleh
kang putra.
[11] Nanging Sang Malaekate Yehuwah tumuli
nguwuh-uwuh marang Rama Abraham saka
ing akasa, dhawuhe: “Abraham! Abraham!”
Unjuke Rama Abraham: “Kawula nuwun,
kula!” [12] Dhawuhe Sang Malaekat: “Tanganira
aja sira agagake marang si bocah, lan aja
sira kapak-kapakake! Awitdene saiki Ingsun
mirsa yen sira ngabekti marang Gusti Allah,
nganti sira ora owel masrahake anakira lanang
ontang-anting marang Ingsun.” [13] Nalika Rama
Abraham noleh, tumuli mirsa ing wingkinge
ana wedhus gembel lanang kang sungune
kecanthol ana ing grumbulan, banjur dipurugi
dipundhut sarta banjur disaosake kagawe
kurban obaran ijole kang putra. [14] Panggonan
iku kawastanan dening Rama Abraham: “Sang
Yehuwah kang nyadhiyani.” Awit saka iku
nganti saprene ana tetembungan: “Ana ing
gununge Sang Yehuwah bakal disadhiyani.”
[15] Sang Malaekate Yehuwah nguwuh marang
Rama Abraham saka ing akasa kaping
pindhone, [16] pangandikane: “Ingsun supaos
demi PanjenenganingSun piyambak, --
mangkono pangandikane Sang Yehuwah
-- sarehne sira nglakoni kang mangkono
iku, nganti ora owel masrahake anakira
ontang-anting marang Ingsun, [17] mulane sira
bakal Sunberkahi nganti luber lan turunira
bakal Suntangkar-tangkarake cacahe nganti

kaya lintang ing langit lan kaya wedhi ing
pinggir segara, sarta turunira bakal ngebeki
gapurane mungsuhe. [18] Karodene marga saka
turunira iku sakehe para bangsa ing bumi
bakal padha binerkahan; marga sira wus
ngestokake dhawuhingSun. [19] Rama Abraham
nuli tindak mbaleni abdine, tumuli padha
budhal bebarengan menyang ing Bersyeba,
lan Rama Abraham banjur dedalem ana ing
Bersyeba.

Tedhak-turune Nahor

22:20-24

[20] Kacarita sawuse lelakon iku mau, Rama
Abraham nampeni pawarta mangkene:
"Kauningana Milka sampun gadhah anak
jaler patutan kaliyan sadherek panjenengan
Nahor. [21] Ingkang pambajeng Us, adhinipun
Bus, lajeng Kemuel, bapakipun Aram, [22] ugi
Khesed, Hazo, Pildasy, Yidlaf lan Betuel."
[23] Betuel anak-anak Ribkah. Wolu iku kabeh
anake Milka patutan karo Nahor. [24] Dene selire
kang jenenge Reuma uga duwe anak, yaiku
Tebah, Gaham, Tahasy lan Maakha.

Ibu Sara seda lan kasarekake

23:1-20

23 [1] Bareng yuswane Ibu Sara wus satus
pitu likur taun, -- iya samono iku
yuswane Ibu Sara -- [2] Ibu Sara banjur seda
ana ing Kiryat-Arba, yaiku Hebron ing tanah

Kanaan. Rama Abraham tumuli lumebet
lan ngadhuh-adhuh sarta muwuni Ibu Sara.
3 Sawuse mangkono Rama Abraham tumuli
jumeneng lan nilar garwane kang seda iku,
sarta rembagan karo bani Het, pangandikane:
4 “Kula punika tiyang ngamanca saha neneka
wonten ing antawis panjenengan, keparenga
kula nggadhahi pakuburan pamijen wonten
ing tanah panjenengan punika, supados kula
saged ngeteraken lan ngubur semah kula,
ingkang tilar donya punika.” 5 Wangsulane bani
Het marang Rama Abraham: 6 “Panjenengan
mugi miyarsakaken atur kula, dhuh bendara!
Panjenengan punika wonten ing tengah-
tengah kula ngriki kados dene raja agung;
milanipun sumangga ingkang seda kula aturi
nyarekaken wonten pakuburan kula ingkang
pilihan, mesthi boten wonten panunggilan
kula ingkang kawratan, pakuburanipun
panjenengan agem nyarekaken ingkang
seda.” 7 Rama Abraham banjur tumelung ana
ngarepe bani Het, pendhudhuke tanah kono,
8 sarta padha dipangandikani mangkene:
“Manawi panjenengan sadaya sami sarujuk,
kula ngubur tiyang kula ingkang tilar donya,
sumangga kula aturi mirengaken rembag kula:
kula mugi panjenengan tembungaken dhateng
sadherek Efron bin Zohar, 9 supados kula dipun
paringana kagunganipun guwa ing Makhpela,
ingkang kaprenah wonten in pungkasaning
pasitenipun; guwa punika kaparingna dhateng
kula sapintena reginipun, supados kenginga
kula damel pakuburan pamijen wonten ing

tengah panjenengan ngriki.” [10] Ing nalika iku
Efron mbeneri linggih ana ing satengahe bani
Het. Efron wong Het mangsuli marang Rama
Abraham keprungu dening wong-wong bani
Het, dening kabeh wong kang padha nekani
ing gapurane kutha, [11] ature: Sampun ta,
dhuh bendara kula, panjenengan piyarsakaken
atur kula punika: Pasitenipun dalah guwanipun
ingkang wonten ngriku kula aturaken dhateng
panjenengan, kula aturi ngagem; wonten
ing sangajenging para tiyang bangsa kula,
punika kula caosaken dhateng panjenengan;
kula aturi nyarekakaken ingkang seda.” [12] Rama
Abraham tumuli tumelung ana ing ngarepe
pendhudhuk ing tanah kono, [13] sarta ngandika
marang Efron karungu dening wong-wong
mau: “Manawi sami dhangan, mugi atur kula
punika kapiyarsakna! Kula badhe ngaturaken
arta pangaosipun pasiten, mugi karsaa
nampeni, ingkang tilar donya lajeng badhe
kula patak wonten ing ngriku.” [14] Efron banjur
mangsuli marang Rama Abraham, ature:
[15] “Ah, bendara! Kula aturi miyarsakaken
atur kula: pasiten ingkang namung pangaos
sekawan atus sekel selaka punika, rak sanes
punapa-punapa tumrap kita. Bok ingkang seda
tumunten panjenengan sarekaken kemawon.”
[16] Rama Abraham banjur ndhahar ature Efron,
sarta Efron dibobotake dhuwit pangajine
lemah kaya kang dipratelakake lan dirungu
dening wong-wong bani Het mau, patang
atus sekel selaka kang laku tumrape dagang.
[17] Mangkono palemahane Efron kang ana ing

Makhpela, ing sawetane Mamre, palemahan
dalah guwane kang ana ing kono, dalah sakehe
wit-witan kang ana ing palemahan mau ing
sawewengkone kabeh, [18] iku kapasrahake
dadi kagungane Rama Abraham sineksenan
dening bani Het, dening wong-wong kang
padha nekani ing gapurane kutha. [19] Sawuse
mangkono Rama Abraham banjur nyarekake
Ibu Sara ana ing guwane palemahan ing
Makhpela, ing sawetane Mamre, yaiku ing
Hebron tanah Kanaan. [20] Mangkono palemahan
dalah guwane kang ana ing kono kapasrahake
dadi kagungane Rama Abrham dening bani
Het, kadadekake pakuburan pamijen.

Palakramane Rama Iskak

24:1-67

24 [1] Anadene Rama Abraham iku wus
sepuh lan akeh yuswane, sarta
tansah diberkahi dening Sang Yehuwah
tumrap sakabeh-kabehe. [2] Rama Abraham
mau dhawuh marang tuwa-tuwane abdine,
kang dipracaya nguwasani kabeh kang ana
ing daleme, pangandikane: “Tanganmu
tumpangna ing sangisore cethikku, [3] supaya
kowe sumpah demi Sang Yehuwah Allahe
swarga lan bumi ana ngarepku kene, yen
anakku ora bakal kokgolekake sisihan
saka panunggalane bocah wadon anake
wong Kanaan, kang tanahe dakenggoni iki,
[4] nanging kowe menyanga tanah asalku lan ing
panggonane kulawargaku, nggolekna jodho

anakku Iskak.” 5 Abdi mau banjur matur:
“Bokmanawi tiyang estri wau boten purun kula
bekta dhateng tanah ngriki, punapa ingkang
putra Iskak kula bekta wangsul dhateng
tanahing leluhur panjenengan?” 6 Nanging
Rama Abraham dhawuh marang kang abdi:
“Poma aja pisan-pisan anakku kokbalekake
mrana! 7 Sang Yehuwah Allah ing swarga, kang
wus nimbali aku saka ing omahe bapakku lan
saka tanahe kulawargaku, kang wus paring
pangandika marang aku, malah nganggo
supaos: Turunira bakal Sunparingi tanah iki,
iya Panjenengane iku kang bakal ngutus
malaekate lumampah ana ing ngarepmu,
temah kowe mesthi bakal bisa ngolehake
jodho anakku saka ing kana, 8 ewadene
saupama wong wadon mau ora gelem kokajak
mrene, kowe luwar saka sumpahmu marang
aku, mung poma anakku aja kokbalekake
mrana!” 9 Abdi mau banjur numpangake
tangane ana sangisore cethike Rama Abraham
bendarane, banjur sumpah ing bab prakara
iku.

10 Abdi mau tumuli nyawisake untane
bendarane sepuluh, banjur budhal nggawa
peni-peni rajapeni kagungane bendarane,
parane njujug menyang Aram-Mesopotami
ing kuthane Nahor. 11 Ing kono unta-untane
dijerumake cedhak belik sajabane nagara;
ing wayah sore wancine wong wadon
padha metu ngangsu. 12 Abdi mau tumuli
matur: “Dhuh Yehuwah, Gusti Allahipun
bendara kawula Abraham, ing dinten punika

kawula mugi Paduka parengaken saged
ngrampungi damel, sarta mugi karsaa paring
sih kamirahan dhateng bendara kawula
Abraham. 13 Lah kawula mapan wonten ing
sacelaking belik punika, para anakipun estri
tiyang ing kitha ngriki sampun wancinipun
medal badhe ngangsu; 14 mugi keparenga
kalampahan kados makaten: pundi lare
estri ingkang kawula tembungi: Bok junmu
kokdhingklukake, aku dakngombe, mangka
lajeng mangsuli: Sumangga kula aturi
ngunjuk, malah unta panjenengan inggih
badhe kula ombeni pisan; supados inggih
punika ingkang Paduka calonaken kangge
abdi Paduka Iskak. Makaten anggen kawula
badhe sumerep bilih Paduka sampun paring
sih dhateng bendara kawula.” 15 Kacarita
abdi mau durung nganti rampung anggone
munjuk, lah tumuli Ribkah metu -- Ribkah
iku putrane Rama Betuel, putrane kakung
Ibu Milka garwane Rama Nahor sadhereke
Rama Abraham; -- kalawan manggul june.
16 Bocah wadon mau ayu banget rupane, isih
prawan durung tau diwori turu wong lanang.
Banjur mudhun menyang ing belik sarta
ngiseni june, nuli bali munggah. 17 Abdi mau
banjur methukake sarta ngucap: “Engger,
aku wenehana ngombe banyu ing junmu iku
sathithik bae!” 18 Wangsulane bocah wadon
mau: “Sumangga panjenengan ngunjuk.” June
enggal diudhunake kasangga ing tangane,
sarta abdi mau ditulungi anggone ngombe.
19 Sawuse tutug enggone menehi ngombe,

banjur ngucap: “Unta panjenengan inggih
badhe kula padosaken toya pisan, supados
sami saged ngombe ngantos tuwuk.” 20 June
enggal disuntak ing kolahan, tumuli bali
lumayu menyang belik golek banyu maneh,
mangkono anggone nggolekake banyu untane
kabeh. 21 Anadene wong mau tansah nyawang
marang bocahe wadon kalawan meneng, arep
nyumurupi apa Sang Yehuwah wus ngolehake
gawe anggone lelungan iku apa durung.
22 Kacarita bareng untane wus padha wareg
anggone ngombe, abdi mau tumuli njupuk
ali-ali mas bobot satengah sekel lan gelang
sapasang bobot sepuluh sekel emas kanggo
tangane bocah wadon mau, 23 kalawan
ngucap: “Kowe iku anake sapa, engger? Aku
bok kokkandhani! Apa ing omahe bapakmu
ana panginepane kanggo aku sakanca?”
24 Wangsulane bocah wadon marang wong
mau: “Kula punika anakipun Bapak Betuel
putranipun Embah Milka patutan kaliyan
Embah Nahor.” 25 Sarta calathune maneh:
“Ing griya kula kathah dami saha tetedhan
kewan lan ugi wonten papan pasipengan.”
26 Ing kono abdi mau tumuli jengkeng lan
tumungkul ana ing ngarsane Sang Yehuwah,
sarta nyebut: 27 “Pinujia Sang Yehuwah, Gusti
Allahe bendaraku Abraham kang ora ngingkedi
sihe kasetyane marang bendaraku, sarta Sang
Yehuwah wus nuntun lakuku ana ing dalan
kang anjog ing daleme para sadhereke!”
28 Sawuse iku bocahe wadon banjur lumayu
aweh weruh marang ibune bab kang mentas

kelakon mau. 29 Anadene Ribkah mau duwe
sadulur lanang jenenge Laban. Laban mau
banjur lumayu metu methukake wong mau
menyang ing belik. 30 Awit bareng weruh
ali-ali lan gelang kang ana ing tangane
sadulure, lan sawuse krungu kandhane
Ribkah sadulure mangkene: "Warna-warna
kandhane wong iku marang aku," Laban
tumuli methukake wong mau, ketemu isih
ngadeg sandhing untane ana ing sacedhake
belik, 31 banjur calathu: "Sumangga sadherek
ingkang binerkahan dening Sang Yehuwah,
kenging punapa panjenengan wonten ing
jawi kemawon? Panjenengan sampun kula
tatakaken panggenan lan kula sampun
cecawis papan kangge unta panjenengan."
32 Wonge banjur lumebu ing omah, untane
padha diuculi lapake lan diwenehi dami sarta
dipakani, wonge lan kabeh wong kang melu
padha dijupukake banyu kanggo wisuh sikil.
33 Nanging bareng disuguh mangan, wong
mau banjur matur: "Kula boten badhe nedha,
manawi dereng ngaturaken kaperluan kula."
Pangucape Laban: "Sumangga panjenengan
lairaken!"

34 Wong mau banjur pratela: "Kula punika
abdinipun Bendara Abraham. 35 Wondene
Sang Yehuwah sampun mberkahi bendara
kula ngantos kelangkung-langkung, ngantos
dados tiyang sugih. Dene dipun paringi Sang
Yehuwah menda saha lembu, salaka tuwin
mas, abdi jaler lan estri punapa malih unta
saha kuldi. 36 Sarta bendara kula putri Sara

garwanipun bendara kula, nalika sampun
sepuh mbabar putra kakung patutan saking
bendara kula, punika sampun dipun paringi
samukawis kagunganipun sadaya. 37 Wondene
bendara kula sampun mundhut supaos kula:
Anakku poma aja kokgolekake jodho wong
wadon panunggalane anake bangsa Kanaan,
kang tanahe dakenggoni iki, 38 nanging
kowe menyanga ing omahe bapakku lan ing
panggonane sanak kadangku, nggolekna jodho
anakku. 39 Kula lajeng matur dhateng bendara
kula: Bokmanawi larenipun estri boten purun
kula bekta. 40 Pangandikanipun dhateng kula
malih: Sang Yehuwah kang tansah dakbekteni
iku bakal ngutus malaekate nyarengi lakumu,
temah kelakon anakku kokgolekake jodho
saka kula-wargaku lan saka omahe bapakku.
41 Bisamu luwar saka sumpahmu marang aku,
iya iku samangsa kowe wus kelakon tekan
ing tanahe kula-wargaku, mangka kowe ora
oleh nggawa bocahe wadon, kowe wus luwar
saka sumpahmu marang aku. 42 Wondene
sareng lampah kula ing dinten punika dumugi
sacelaking belik, kula lajeng munjuk: Dhuh
Yehuwah, Gusti Allahipun bendara kawula
Abraham, Paduka mugi karsaa damel supados
anggen kawula kekesahan punika angsal
damel. 43 Kawula wonten ing ngriki mapan
wonten ing sacelaking belik punika, mugi
keparenga kalampahan makaten: Pundi
prawan ingkang medal badhe ngangsu,
samangsa kula tembungi: Aku wenehana
banyu sathithik saka ing junmu, 44 mangka

wangsulanipun dhateng kula: Sumangga,
panjenengan ngunjuk dalah unta panjenengan
inggih badhe kula ombeni: inggih lare
punika wau ingkang badhe dados jodhoning
putranipun bendara kawula miturut pitedah
Paduka. 45 Mangka saderengipun rampung
anggen kula munjuk ing salebeting batos,
lah Ribkah kledhang-kledhang dhateng sarta
manggul junipun, mandhap dhateng belik
pados toya. Lajeng kula tembungi: Engger,
bok aku kokwenehi ngombe! 46 Sanalika lajeng
ngandhapaken junipun kaliyan wicanten:
Sumangga panjenengan ngunjuk, dalah unta
panjenengan inggih badhe kula ombeni pisan.
Kula lajeng ngombe, unta kula inggih dipun
ombeni pisan. 47 Kula tumunten pitaken: Kowe
iku anake sapa? Wangsulanipun: Anakipun
Bapak Betuel putranipun Embah Nahor
patutan saking Embah Milka. Lajeng kula
enggeni sesupe ing irungipun saha gelang
ing tanganipun. 48 Kula lajeng jengkeng saha
tumungkul sujud wonten ing ngarsanipun Sang
Yehuwah saha ngluhuraken Sang Yehuwah
Gusti Allahipun bendara kula Abraham,
ingkang sampun ngirid lampah kula wonten
ing margi ingkang leres, supados kula saged
mendhet anakipun estri sadherekipun bendara
kula punika kangge putranipun. 49 Dados
samangke, manawi panjenengan sami karsa
nandukakaken katresnan saha kasetyan dhateng
bendara kula, mugi karsaa paring katrangan
dhateng kula. Dene saupami boten, kula

inggih kaparingana katrangan, supados kula
saged tumoleh mangiwa utawi manengen.”
50 Ing kono Laban karo Betuel padha
mangsuli: “Prakawis punika pinangkanipun
saking Sang Yehuwah, pramila kula sami
boten saged matur punapa-punapa dhateng
panjenengan, ingkang awon punapa ingkang
sae. 51 Lah punika Ribkah wonten ngajeng
panjenengan, panjenengan bekta lajeng
panjenengan bidhal, dadosa garwaning
putranipun bendara panjenengan, nyondhongi
dhawuhipun Sang Yehuwah.”
52 Kacarita bareng abdine Rama Abraham
krungu tembung mangkono mau, tumuli
sumungkem konjem ing bumi ana ing
ngarsane Sang Yehuwah; 53 abdi mau banjur
ngetokake barang peni-peni salaka lan
mas, apadene sandhangan endah, kabeh
diwenehake marang Ribkah; karodene
sadhereke lan ibune iya padha diaturi barang
kang adi-adi. 54 Sawuse mangkono banjur
pada mangan lan ngombe, si abdi dalah para
kanthine, sarta padha nginep ing kono.
Esuke bareng wus padha tangi, si abdi
tumuli celathu: “Kula mugi kalilanana mantuk
dhateng dalemipun bendara kula.” 55 Nanging
sadulure Ribkah lan abdine padha mangsuli:
“Bok inggih larenipun kajengipun taksih
wonten ngriki rumiyin antawis sadasa dinten,
sasampunipun sumangga karsa manawi
badhe bidhal.” 56 Nanging wangsulane: “Kula
sampun panjenengan penggak! Amargi Sang
Yehuwah sampun damel kasiling lampah kula,

kula panjenengan lilani wangsul dhateng
bendara kula.” 57 Wangsulane: “Saenipun
gendhuk dipun undang saha dipun takeni
piyambak.” 58 Ribkah tumuli diundang sarta
ditari: “Kowe apa gelem melu tamu iki?”
Wangsulane: “Inggih, kula purun.” 59 Ing kono
Ribkah sadulure banjur dililani budhal karo
inyane bareng karo abdine Rama Abraham
dalah kanthine. 60 Ribkah disangoni berkah,
tembunge: “Dhuh sadulurku, kowe muga
tangkar-tumangkara dadi ewon leksan,
sarta turunmu bisaa ngrebut gapuraning
mungsuhe dadi darbeke.” 61 Ribkah karo para
bature wadon banjur tata-tata tumuli padha
budhalan, padha nunggang unta, ngetutake
si abdi. Mangkono si abdi anggone nggawa
Ribkah lan banjur mangkat.

62 Anadene Rama Iskak mentas rawuh saka
ing belik Lakhai-Roi, amarga dedalem ana ing
Tanah Negeb. 63 Nalika Rama Iskak panuju
ameng-ameng ana ing ara-ara mbeneri ing
wayah lingsir kulon, bareng mulat, ningali
ana unta-unta teka. 64 Ribkah iya mulat
weruh Rama Iskak, banjur mudhun saka
ing untane, 65 sarta celathu marang si abdi:
“Sinten ingkang lumampah ing ara-ara mapag
dhateng kula lan panjenengan punika?” Ature
si abdi: “Punika bendara kula.” Ribkah banjur
nyandhak kudhunge sarta dianggo. 66 Si
abdi tumuli nyaritakake marang Rama Iskak
sabarang kang wus dilakoni. 67 Rama Iskak
banjur nganthi Ribkah menyang ing tarube
Sara kang Ibu, dipundhut garwa lan banget

ditresnani. Mangkono Rama Iskak anggone
kalipur sasedane kang ibu.

Turune Rama Abraham saka Ibu Ketura

25:1-6

25 [1] Anadene Rama Abraham mundhut
garwa maneh nama Ketura, [2] iku
mbabar putra: Zimran, Yoksan, Medan,
Midian, Isybak lan Suah. [3] Yoksan anak-anak
Syeba lan Dedan, dene turune Dedan yaiku
bangsa Asyur lan bangsa Letusy sarta bangsa
Leum. [4] Anake Midian yaiku: Efa, Efer, Henokh,
Abida lan Eldaa, iku kabeh padha turune Ibu
Ketura. [5] Rama Abraham maringake sabarang
kagungane kabeh marang Rama Iskak.
[6] Nanging para putra kang patutan saka garwa
ampeyan mau padha diparingi ganjaran, lan
banjur didhawuhi lunga, nalika panjenengane
isih sugeng, kapisah saka kang putra Iskak,
parane mangetan menyang Tanah Wetan.

Rama Abraham seda lan banjur kasarekake

25:7-11

[7] Mungguh gunggunge yuswane Rama
Abraham iku satus pitung puluh lima taun,
[8] Rama Abraham tumuli seda, dene sedane iku
nalika wus akeh yuswane, wus tuwuk sugenge,
banjur kaklempakake karo para leluhure.
[9] Banjur disarekake dening kang putra Iskak
lan Ismael ana ing guwa Makhpela ing

palemahane Efron bin Zohar wong Het kang
kaprenah ing sawetane Mamre, [10] palemahan
anggone mundhut Rama Abraham marang
wong bani Het; iya ana ing kono iku Rama
Abraham lan Ibu Sara anggone padha
kasarekake. [11] Sasedane Rama Abraham Gusti
Allah mberkahi marang kang putra Iskak,
dene anggone dedalem Rama Iskak iku ana
ing sacedhake belik Lakhai-Roi.

Tedhak-turune Rama Ismael

25:12-18

[12] Iki tedhak-turune Rama Ismael putrane
Rama Abraham, kang lair saka Ibu Hagar
wong Mesir, abdine Ibu Sara, patutan karo
Rama Abraham. [13] Iki pratelane jenenge para
putrane Rama Ismael, disebutake miturut
urut-urutane laire: pambajenge Rama Ismael
iku Nebayot, nuli Kedar, Adbeel, Mibsam,
[14] Misyma, Duma, Masa, [15] Hadad, Tema,
Yetur, Nafisy lan Kedma. [16] Iku kabeh para
putrane Rama Ismael, lan jenenge iku miturut
padhukuhane lan tarube, ratu rolas siji-sijine
miturut golongane. [17] Anadene yuswane Rama
Ismael iku: satus telung puluh pitu taun,
banjur seda, kaklempakake karo para leluhure.
[18] Pamanggone tedhak-turune mau ana ing
wilayah wiwit ing Hawila nganti tekan ing Syur,
kaprenah ing sawetane tanah Mesir ing urute
Asyur. Anggone padha mapan dhedhukuh ana
ing ngarepe para kadange.

Esau lan Yakub

25:19-34

19 Iki tedhak-turune Rama Iskak putrane
Rama Abraham. Rama Abraham peputra
Rama Iskak.
20 Lan Rama Iskak yuswa patang
puluh taun nalika mundhut garwa Ibu Ribkah
putrane Rama Betuel wong Aram asal saka
Padan-Aram sadhereke Laban wong Aram.
21 Anadene Rama Iskak iku ndongakake
garwane marang Sang Yehuwah, amarga
kang garwa iku gabug; lan Sang Yehuwah
nyembadani panyuwune, temahan Ibu Ribkah
garwane banjur nggarbini.
22 Bareng bayine
padha suk-sukan ana ing guwa-garbane, Ibu
Ribkah ngunandika: "Manawa kaya mangkene
yagene aku urip?" Banjur tindak nyuwun
pitedah marang Sang Yehuwah.
23 Sang
Yehuwah banjur mangandikani: "Bangsa loro
kang ana ing kandhutanira, suku bangsa
loro bakal padha pepisahan wiwit saka ing
guwa-garbane; kang siji bakal luwih kuwat
tinimbang sijine lan kang tuwa bakal ngawula
marang kang nom."

24 Bareng tumeka ing leke bakal mbabar,
pancen kembar bobotane;
25 kang miyos dhisik
katon wulune abang, srirane sakojur kaya
kabuntel ing wulu, mulane diparingi asma
Esap.
26 Sawuse mangkono rayine banjur
miyos astane nyepengi tungkake Esap, iku
diparingi asma Yakub. Rama Iskak yuswane
sawidak taun nalika peputra loro mau.
27 Putra

loro mau saya gedhe: Esap dadi wong kang
pinter mbebedhag, ambah-ambahane ing
ara-ara, nanging Yakub iku wong kang jatmika
pambekane, kang jenjem ana ing tarub.
28 Anadene Rama Iskak iku asih marang Esap,
marga remen dhahar daging kewan bedhagan,
nanging Ibu Ribkah ngasihi Yakub.
29 Nuju sawijining dina nalika Yakub lagi
gawe mangsakan, Esap nuli teka saka
ing ara-ara, katon sayah. 30 Esap tumuli
nembung marang Yakub: “Bok aku kokwenehi
mangan sing abang-abang kuwi ta, awit aku
kesel.” Yaiku jalarane banjur peparab: Edom.
31 Nanging Yakub mangsuli: “Wewenangmu
dadi pembarep iku dolen marang aku
dhisik!” 32 Wangsulane Esap: “Lah sadhela
engkas aku bakal mati, apa kanggone duwe
wewenang pembarep iku?” 33 Pangucape
Yakub: “Sumpaha marang aku dhisik!” Esap
banjur sumpah, lan wewenange pembarep
diedol marang Yakub. 34 Yakub tumuli menehi
roti lan mangsakan kacang abang marang
Esap; sarta banjur mangan lan ngombe,
sawuse tumuli maknyat lunga. Mangkono
anggone Esap ngremehake wewenanging
pembarep.

Rama Iskak ana ing tanahe wong Filisti

26:1-35

26 1 Nalika iku ing tanah kono kambah ing
pailan, iki dudu pailan sing dhisik kang
kelakon nalika jamane Rama Abraham. Rama

Iskak tumuli tindak menyang Gerar manggihi
Sang Prabu Abimelekh rajane bangsa Filisti.
2 Sang Yehuwah banjur ngatingal marang
Rama Iskak sarta ngandika: "Sira aja lunga
menyang Mesir, manggona ana ing tanah
kang bakal Sundhawuhake marang sira. 3 Sira
tetepa manggon ana ing tanah kene dadi
wong manca, dene Ingsun bakal nunggil
kalawan sira lan sira bakal Sunberkahi,
marga sira lan turunira bakal Sunparingi
tanah iki kabeh, sarta Ingsun bakal netepi
sumpah kang wus Sundhawuhake marang
Abraham bapakira. 4 Karomaneh Ingsun bakal
ngakehake turunira kaya lintang ing langit;
lan turunira bakal Sunparingi tanah iki kabeh;
sarta marga saka turunira sakehe bangsa ing
bumi bakal binerkahan. 5 Mulane mangkono
awit Abraham wus ngestokake dhawuhingSun
lan netepi kang dadi kawajibane marang
Ingsun, yaiku kabeh pepakon, pranatan lan
angger-anggeringSun." 6 Dadine Rama Iskak
tetep anggone dedalem ana ing Gerar.
7 Nalika wong-wong ing kono padha takon
bab garwane, Rama Iskak ngandika: "Punika
sadherek kula," awit ajrih ngandika: "Punika
semah kula," marga osiking panggalihe: "Bisa
uga aku dipateni dening wong-wong ing
kene jalaran saka Ribkah, awit Ribkah iku
warnane endah." 8 Bareng wus antara lawas
anggone dedalem ana ing kono, kacarita Sang
Prabu Abimelekh rajane wong Filisti pinuju
ngungak ing cendhela, mirsa Rama Iskak
lagi ngungrum kang garwa Ribkah. 9 Sang

Prabu Abimelekh tumuli nimbali Rama Iskak
lan ngandika: “Lah sampun tamtu punika
ingkang garwa, kadospundi dene panjenengan
ndadak ngandika: Punika sadherek kula?”
Ature Rama Iskak marang Sang Raja: “Margi
osiking manah kula: Sampun ngantos kula
dipun pejahi margi saking piyambakipun.”
10 Nanging Sang Prabu Abimelekh ngandika:
“Punapa ta ingkang panjenengan tandukaken
dhateng kula sadaya punika? Gampil sanget
kalampahan wonten tiyang bangsa ngriki
ingkang ngantos nilemi ingkang garwa,
rak margi saking makaten panjenengan
lajeng ndhatengaken kalepatan dhateng kula
sadaya?” 11 Sang Prabu Abimelekh banjur
ngundhangake dhawuh marang sabangsa
kabeh: “Sapa wong kang wanuh-wani
ngaru-biru marang priyayi iki utawa marang
garwane, mesthi diukum pati!”
12 Anadene Rama Iskak nuli nyebar wiji
ana ing tanah kono, oleh-olehane ing taun
iku uga nganti tikel satus, marga diberkahi
dening Sang Yehuwah, 13 temah panjenengane
dadi sugih lan saya suwe saya mundhak
kasugihane, nganti dadi sugih banget,
14 kagungan pepanthan wedhus lan pepanthan
sapi, brayate akeh, nganti wong-wong Filisti
padha meri. 15 Sakehe sumur ing jamane Rama
Abraham, kang rama, kang didhudhuk dening
para abdine kang rama, iku padha ditableg
lan diurugi lemah. 16 Sang Prabu Abimelekh
banjur ngandika marang Rama Iskak:
“Panjenengan kula aturi tindak saking ngriki,

margi pangwaos panjenengan ngungkuli
pangwaos kula sanget.” [17] Rama Iskak tumuli
tindak saka kono banjur ngadegake tarube
ana ing lebake Gerar, sarta dedalem ana ing
kono. [18] Sawuse mangkono banjur ndhudhuk
sumur-sumur kang biyen wus didhudhuk
nalika sugenge Rama Abraham kang rama,
sarta wus padha dipateni dening wong Filisti
sasedane Rama Abraham; sumur-sumur mau
padha dijenengake kaya jeneng kang biyen
wus diparingake dening kang rama. [19] Nalika
para abdine Rama Iskak padha ndhudhuki ing
lebak kono, padha nemu sumber kang banyune
mancur-mancur mumbul-mumbul. [20] Para
pangon ing Gerar banjur padha grejegan karo
para pangone Rama Iskak, ujare: “Banyu
iki aku sing nduweni.” Rama Iskak maringi
jeneng sumur mau: Esek, marga ana ing kono
padha grejegan karo panjenengane. [21] Tumuli
padha ndhudhuk sumur liyane, kang iya dadi
grejegan uga, mulane sumure diparingi jeneng
Sitna. [22] Rama Iskak banjur pindhah saka ing
kono sarta ndhudhuk sumur liyane, nanging
ora nganti dadi grejegan. Sumur iku diparingi
jeneng: Rehobot, dene pangandikane: “Saiki
Sang Yehuwah wus maringi omber marang
kita, temahan kita padha bisa bebranahan ana
ing tanah kene.”

[23] Saka ing kono Rama Iskak tindak
menyang ing Bersyeba. [24] Ing bengi iku
banjur diketingali dening Sang Yehuwah sarta
dipangandikani: “Ingsun iki Allahe bapakira
Abraham, sira aja wedi, marga Ingsun nunggil

kalawan sira lan sira bakal Sunberkahi,
turunira bakal Suntangkar-tangkarake, marga
saka Abraham abdiningsun.” 25 Sawuse
mangkono Rama Iskak tumuli ngadegake
misbyah sarta memuji asmane Sang Yehuwah.
Iya ana ing kono anggone nancebake tarube
lan para abdine banjur padha ndhudhuk
sumur.
26 Kacarita Sang Prabu Abimelekh rawuh
saka Gerar martuwi kadherekake Ahuzat
mitrane lan Pikhol senapatine. 27 Rama Iskak
tumuli matur: “Punapaa panjenengan sami
rawuh manggihi kula, panjenengan rak sami
sengit dhateng kula ta, malah sampun sami
panjenengan tundhung saking wewengkon
panjenengan?” 28 Pangandikane para tamune:
“Kula sampun sami nyumerepi piyambak, bilih
Sang Yehuwah nunggil kaliyan panjenengan,
milanipun kula sami rerembagan: Prayogi
manawi kita sami supaosan, ing antawisipun
kula kaliyan panjenengan, prayoginipun kula
sami damel prajanjian kaliyan panjenengan.
29 Sampun ngantos panjenengan nandukaken
piawon dhateng kula, kadosdene anggen kula
inggih sami boten ngganggu damel dhateng
panjenengan, malah kula tansah nandukaken
kasaenan dhateng panjenengan, panjenengan
kula lilani tindak kalayan tentrem; sapunika
rak panjenengan ingkang kaberkahan dening
Sang Yehuwah!” 30 Tamune banjur padha
diaturi pasugatan, sarta tumuli padha dhahar
lan ngunjuk. 31 Esuke isih umun-umun banjur
padha supaosan. Sawuse mangkono Rama

Iskak ngutapake tamune kondur banjur padha
bidhal nilar panjenengane klawan becik.
32 Kacarita ing dina iku uga para abdine
Rama Iskak teka ngaturi kabar bab anggone
wus padha ndhudhuk sumur, ature: "Kula
sampun sami angsal toya." 33 Sumur iku tumuli
diparingi jeneng: Syeba, mulane nagara kono
ketelah aran Bersyeba nganti saiki.
34 Nalika Esap umur patang puluh taun banjur
rabi oleh Yudhit, anake Beeri, wong Het, lan
Basmat anake Elon uga wong Het. 35 Wong
loro iku ndadekake sekeling galihe Rama Iskak
lan Ibu Ribkah.

Yakub kaberkahan dening Rama Iskak minangka putra pambayun

27:1-40

27 1 Kacarita bareng Rama Iskak wus
sepuh sarta tingale wus blawur banget
nganti ora bisa mirsani, tumuli nimbali Esap
putrane pambajeng sarta dipangandikani:
"Anakku engger." Ature Esap: "Kula rama."
2 Dhawuhe kang rama: "Lah ta aku wus tuwa
lan ora sumurup besuk apa bakal ajalku.
3 Bok kowe njupuk gegamanmu, endhong lan
gendhewamu, banjur mangkata menyang
ing ara-ara, aku golekna buron, 4 nuli aku
olahna pangan kang enak, kaya kang dadi
kasenenganku, yen wus rampung ladekna
mrene, dakpangane, sawise iku kowe bakal
dakberkahi sadurunge aku tinggal donya."

[5] Anadene Ibu Ribkah ngrungokake anggone
Rama Iskak mangandikani marang kang
putra Esap mau. Bareng Esap wus mangkat
menyang ara-ara mbebedhag kewan kang
kena diladekake marang kang rama, [6] Ibu
Ribkah ngandika marang Yakub kang putra:
“Aku mau ngrungokake bapakmu anggone
ndhawuhi Esap kamasmu: [7] Aku golekna
kewan bebedhagan, banjur olahen kang
enak, dakpangane lan sawuse iku kowe
dakberkahi ana ing ngarsane Sang Yehuwah,
sadurunge aku mati. [8] Mulane saiki, engger,
anakku! Rungokna kandhaku kaya kang
dakprentahake marang kowe iki mangkene:
[9] Kowe menyanga ing panggonane wedhus
kita, aku jupukna cempe loro kang becik, iku
dakolahe kang enak kagem bapakmu, kaya
kang dadi kersane. [10] Nuli ladekna menyang
ing ngarsane bapakmu, supaya didhahar lan
kowe diberkahana sadurunge seda.”
[11] Yakub tumuli matur marang Ribkah ibune:
“Lah kamas kula Esap punika badanipun
dhiwut-dhiwut, mangka kula punika klimis.
[12] Bokmanawi bapak nggrayangi kula, temtu
lajeng mastani, kula damel gegujengan,
margi saking makaten kula malah kenging
ipat-ipat sanes berkah.” [13] Nanging kang ibu
ngandika maneh: “Ipat-ipat iku daksanggane,
engger, anakku, nuruta pituturku bae, gek
endang mangkata! Aku jupukna wedhuse!”
[14] Yakub tumuli njupuk cempe lan diaturake
marang kang ibu; sarta kang ibu banjur olah
dhaharan kang enak, kaya kang dadi kersane

ramane. [15] Ibu Ribkah banjur mundhut
sandhangan kang adi duwekke Esap, putrane
pambajeng, sandhangan kang disimpen ing
omah, banjur dianggokake marang Yakub
putrane kang wuragil. [16] Sarta lulange cempe
mau diblebedake ing tangane Yakub loro pisan
lan ing gulune kang klimis. [17] Dhaharan kang
enak lan roti kang mentas diolah mau banjur
ditampakake marang kang putra Yakub.
[18] Kaya mangkono Yakub banjur lumebu ing
panggonane kang rama tumuli matur: "Rama!"
Pangandikane kang rama: "Apa, ngger, kowe
iku sapa?" [19] Ature Yakub marang kang
rama: "Kula Esap, ingkang putra pembajeng.
Kula sampun nglampahi kados dhawuhipun
rama dhateng kula. Kula aturi wungu lan
lenggah, lajeng dhahar daging bebujengan
ingkang sampun kula olah, supados rama
lajeng maringi berkah dhateng kula." [20] Rama
Iskak banjur ngandika marang kang putra:
"Kok enggal temen anggonmu oleh, anakku
engger!" Ature Yakub: "Margi Sang Yehuwah,
Gusti Allahipun rama, ingkang murugaken
kula angsal damel." [21] Pangandikane Rama
Iskak marang kang putra: "Nyedhaka mrene,
engger, awakmu dakgrayangane, apa kowe
iku anakku Esap apa dudu." [22] Yakub banjur
nyedhaki Iskak kang rama, kang banjur
nggrayangi sarta ngandika: "Yen swarane,
swarane Yakub, nanging yen tangane, tangane
Esap." [23] Dadine Rama Iskak pangling marang
Yakub, marga tangane dhiwut-dhiwut kaya
tangane Esap, mulane Rama Iskak arep

mberkahi. 24 Nanging Rama Iskak meksa
ndangu maneh: "Apa temenan kowe iku
anakku Esap?" Ature Yakub: "Inggih!" 25 Rama
Iskak tumuli ngandika: "Mara cedhakna mrene
leladenanmu iku, olah-olahan bedhagane
anakku dakpangane, supaya kowe banjur
dakberkahi." Sawuse diladekake, Rama Iskak
banjur dhahar, sarta uga diaturi anggur,
tumuli ngunjuk. 26 Kang rama Iskak banjur
ngandika: "Nyedhaka mrene ta engger, aku
ambungen!" 27 Yakub banjur nyedhak, kang
rama diaras. Nalika Rama Iskak mambet
gandane sandhangane Yakub, banjur maringi
berkah, pangandikane: "Lah gandane anakku
iku kaya gandane bumi kang diberkahi dening
Sang Yehuwah. 28 Gusti Allah bakal maringi
kowe ebuning langit lan lemah eloh ing
bumi apadene gandum lan anggur kongsi
luber-luber. 29 Bangsa-bangsa bakal padha
nungkul ana ing ngarepmu; kowe mengkua
para kadang-kadangmu, lan anake biyungmu
bakal padha nungkul marang kowe. Sapa
kang ngipat-ipati kowe, bakal kena ipat-ipat,
lan sapa kang mberkahi kowe, iku ginanjara
berkah."

30 Kacarita sarampunge Rama Iskak anggone
mberkahi Yakub, lan Yakub lagi bae mundur
saka ing ngarsane kang Rama Iskak, Esap
kamase teka saka anggone mbebedhag.
31 Tumuli iya olah dhaharan kang enak, banjur
diladekake marang kang rama. Ature marang
kang rama: "Rama, kula aturi wungu sarta
dhahar daging buronan olah-olahanipun kang

putra, supados lajeng maringi berkah dhateng
kang putra!” 32 Nanging pangandikane kang
Rama Iskak: “Kowe iku sapa?” Ature: “Kula
punika ingkang putra pambajeng pun Esap.”
33 Ing kono Rama Iskak gumeter lan kaget
banget sarta ngandika: “Yen mangkono sapa
ta kang wus mbebedhag kewan sarta wus
diladekake marang aku? Mangka iya wus
dakpangan kabeh, sadurunge kowe teka,
nuli iya wus kelakon dakberkahi, mangka
anggone kaberkahan iku mesthi tetep.”
34 Esap bareng krungu pangandikane kang
rama mau, banjur njerit seru banget, banget
lara atine, sarta matur marang kang rama:
“Dhuh rama, mugi maringi berkah dhateng
kula ugi!” 35 Dhawuhe kang rama: “Adhimu
kang wus sowan kanti apus-apus lan ngrebut
berkah kang benere dadi wewenangmu.”
36 Pangucape Esap: “Rak wus pantes jenenge
Yakub, dene wus ping pindho anggone
ngapusi aku. Wewenangku pambarep iya
diakali lan saiki berkah kang kanggo aku
uga dirampas!” Banjur matur marang kang
rama: “Punapa rama boten kagungan berkah
sanesipun kangge kula?” 37 Rama Iskak
mangsuli marang Esap, pangandikane: “Lah
adhimu wus pinesthi mengku marang kowe,
lan sakehe para kadange wus daktemtokake
dadi kawulane, sarta iya wus dakgawani
gandum lan anggur, kari apamaneh kang bisa
daktandukake marang kowe, dhuh anakku
engger?” 38 Ature Esap marang kang rama:
“Punapa rama namung kagungan berkah

satunggal punika, dhuh rama? Bok kula inggih
dipun paringi berkah inggih rama!" Esap
tumuli nangis seru. 39 Ing kono kang Rama
Iskak mangsuli pangandikane: "Satemene
pamanggonmu bakal adoh saka lemah kang
loh ana ing bumi lan ora oleh ebun kang saka
langit ing ndhuwur. 40 Pedhangmu kang bakal
dadi saranane panguripanmu lan kowe bakal
ngawula marang adhimu. Ewadene besuk
bakal kelakon, yen kowe mbudi-daya kanthi
temen-temen, pasangane bakal uwal saka ing
githokmu."

Yakub ngungsi menyang ing tanah Mesopotamia

27:41--28:9

41 Anadene Esap sengit banget marang
Yakub, marga saka berkah kang wus
diparingake dening kang rama marang
dheweke mau, pangunandikane Esap: "Iki
wus nyedhaki dina kasusahan, marga sedane
rama, nuli Yakub adhiku bakal dakpateni."
42 Bareng Ibu Ribkah diwartani bab tembunge
Esap putrane pembajeng kaya mangkono iku,
banjur utusan nimbali Yakub putrane wuragil,
nuli dipangandikani: "Esap kangmasmu
ngigit-igit arep males ukum, arep mateni
kowe. 43 Kang iku anakku, engger, kowe
mituruta pituturku, cepak-cepaka, mangkata
ngungsi menyang Haran panggonane Laban
sadulurku! 44 Anaa kana sawetara mangsa
lawase, nganti pangigit-igite kangmasmu wus

lilih. 45 Dene samangsa kangmasmu wus lilih
nepsune marang kowe, lan wus lali apa kang
dadi panggawemu, aku nuli bakal kongkonan
marani kowe saka ing kana. Kapriye manawa
aku nganti kelangan kowe sakarone bareng
sadina?”
46 Sawuse mangkono Ibu Ribkah banjur
matur marang Rama Iskak: “Kula sampun
bosen gesang margi saking tiyang estri bangsa
Het punika. Manawi Yakub ngantos mendhet
semah bangsa Het kados makaten wau,
panunggilanipun tiyang bumi ngriki, punapa
ginanipun kula taksih gesang?”
28 1 Rama Iskak banjur nimbali Yakub,
diberkahi sarta diweling, dhawuhe:
“Kowe aja golek sisihan bocah wadon Kanaan.
2 Tata-tataa, mangkata menyang tanah
Padan-Aram, ing daleme Rama Betuel,
ramane ibumu, lan goleka sisihan ana ing
kana, panunggalane anake Laban sadulure
ibumu. 3 Gusti Allah Kang Mahakawasa muga
mberkahana kowe, lan didadekna bebranahan
tangkar-tumangkara supaya dadi golonganing
bangsa. 4 Muga kowe diparingana berkah
kang kanggo Rama Abraham, iya kowe dalah
turunmu, temah kowe bisa nduweni tanah
iki, iya kang kokenggoni kayadene wong
neneka, kang wus diparingake Gusti Allah
marang Rama Abraham.” 5 Mangkono Rama
Iskak anggone ndawuhi lunga Yakub; Yakub
banjur mangkat menyang Padan-Aram, ing
panggonane Laban putrane Rama Betuel wong

Aram, sadulure Ibu Ribkah, ibune Yakub lan
Esap.
6 Esap bareng weruh manawa Rama Iskak
wus mberkahi Yakub, sarta didhawuhi lunga
menyang ing Padan-Aram supaya golek
sisihan saka ing kana -- ing nalikane mberkahi
mau nganggo diweling: “Aja golek sisihan
wong wadon bangsa Kanaan.” -- 7 Karomaneh
Yakub miturut marang dhawuhe kang rama
lan kang ibu, tumuli mangkat menyang ing
Padan-Aram, 8 Esap dadine rumangsa yen
wong wadon Kanaan iku ora ndadekake renane
Rama Iskak, kang rama. 9 Mulane Esap banjur
lunga nemoni Rama Ismael perlu njupuk
Mahalat dadi sisihane, diwayuh karo somahe
kang dhisik. Mungguh Mahalat mau putrane
Rama Ismael putrane Rama Abraham, adhine
Nebayot.

Yakub ngimpi ana ing Betel

28:10-22

10 Anadene Yakub mangkat saka Bersyeba
menyang ing Haran. 11 Bareng tekan ing
sawijining panggonan, banjur nginep ana ing
kono, marga wus kasurupan ing srengenge.
Nuli njupuk watu siji saka ing panggonan
mau dianggo bantal, lan ngaso ana ing kono.
12 Banjur ngimpi: Lah ana andha ngadeg ing
bumi kang pucuke sundhul ing langit, lan katon
para malaekate Gusti Allah munggah-mudhun
ing andha mau. 13 Lah, Sang Yehuwah
jumeneng ana ing sisihe sarta ngandika:

“Ingsun iki Yehuwah Allahe Abraham embahira
lan Allahe Iskak; tanah kang sira turoni iku
bakal Sunparingake marang sira lan turunira.
14 Turunira bakal dadi kaya lebuning bumi
lan sira bakal ngambra-ambra mangetan,
mangulon, mangalor lan mangidul, sarta
marga saka sira lan turunira sakehe golongan
ing bumi bakal padha kaberkahan. 15 Lah
Ingsun nunggil kalawan sira lan Ingsun bakal
ngayomi marang sira ing saparan-paranira lan
sira bakal Sunulihake, menyang ing tanah iki
maneh, marga sira ora bakal Suntegakake,
nganti Ingsun wus nindakake sabarang kang
wus Sunprasetyakake marang sira.”
16 Bareng Yakub tangi saka anggone turu,
banjur ngucap: “Satemene Sang Yehuwah ana
ing panggonan kene, aku ora ngreti.” 17 Yakub
wedi lan ngucap: “Saiba angkere panggonan
iki, iki ora liya padalemane Gusti Allah lan iki
gapurane swarga.” 18 Esuke umun-umun Yakub
njupuk watu kang kanggo bantal mau lan
diedegake dadi tugu lan ing dhuwure diesoki
lenga. 19 Panggonan kono mau diarani: Betel;
maune kutha iku aran: Lus.
20 Yakub banjur nglairake punagi: “Manawa
Gusti Allah nunggil lan ngreksa aku ing
saurute dalan kang dakambah, sarta maringi
roti kang dakpangan, apa maneh sandhangan
kang dakanggo, 21 nganti aku mulih menyang
ing daleme bapakku kalawan slamet, mesthi
Sang Yehuwah bakal dadi Allahku. 22 Dene
watu kang wus dakedegake dadi tugu iki
bakal dadi padalemane Gusti Allah. Punapa

malih samukawis ingkang Paduka paringaken
dhateng kawula punika saprasedasanipun
badhe kawula saosaken dhateng Paduka.”

Yakub ana ing omahe Laban

29:1-30

29 [1] Sawuse mangkono Yakub mbanjurake
lakune menyang ing tanahe bangsa
Wetanan. [2] Nalika mulat ing sakiwa-tengene,
nuli weruh ana sumur ing ara-ara, sarta ana
wedhus telung pantha padha njerum ana
ing sacedhake sumur mau, marga sumur
iku panggonane wong padha ngombekake
pepanthaning wedhuse, anadene watu
tutuping sumur iku gedhe, [3] dadine samangsa
sakehe pepanthan wedhus wus digiring
nglumpuk mrono, pangon-pangone tumuli
ngglundhungake watune saka ing cangkeme
sumur, lan wedhuse diombeni, sawuse
mangkono watune banjur dibalekake maneh
kaya maune. [4] Yakub banjur ngaruh-aruhi
wong-wong mau: “Para sadherek, sampeyan
niku sami saking pundi?” Wangsulane: “Kula
punika sami saking Haran.” [5] Yakub nakoni
maneh: “Napa sampeyan wanuh kalih Pak
Laban, wayahe Embah Nahor?” Wangsulane:
“Inggih tepang.” [6] Nuli padha ditakoni maneh:
“Napa taksih sami wilujeng?” Wangsulane:
“Inggih wilujeng, lah punika Rakhel putranipun
estri, saweg dhateng nggiring mendanipun.”
[7] Pangucape Yakub: “Lah niki rak taksih awan,
dereng wayahe nggiring ta? Bok wedhuse

sami diombekake, lajeng sami angon malih!”
[8] Nanging wangsulane kang padha angon:
“Kula sami boten saged tumindak makaten
manawi panthanipun dereng sami nglempak
sadaya; selanipun lajeng saweg dipun
glimpangaken saking cangkemipun sumur,
sarta mendanipun lajeng sami kula ombeni.”
[9] Sajrone isih guneman karo wong-wong iku,
Rakhel tumuli teka nggiring wedhuse bapakne,
marga dheweke kang dadi pangone. [10] Kacarita
bareng Yakub ndeleng Rakhel, anake Laban
sadulure ibune, lan wedhus-wedhuse, Yakub
banjur nyedhaki lan nyingkirake watune
saka ing cangkem sumur, sarta ngombeni
wedhuse Pak Laban sadulure ibune. [11] Sawuse
mangkono Yakub tumuli ngambung Rakhel lan
nangis seru. [12] Yakub banjur nyaritakake yen
isih keprenah ponakane bapakne, anake Bu
Ribkah. Rakhel banjur lumayu aweh weruh
marang bapakne. [13] Bareng Pak Laban krungu
kabar yen Yakub iku anake sadulure, tumuli
lumayu methukake, Yakub dirangkul lan
diambung banjur diajak lumebu ing omahe.
Yakub tumuli nyaritakake lelakone kabeh
marang Laban. [14] pangucape Pak Laban:
“Satemene kowe iku isih kulit dagingku
dhewe.” Yakub anggone manggon ing omahe
Laban wus ganep sasasi.
[15] Sawuse iku Laban tutur marang Yakub:
“Apa dupeh kowe iku isih sanak karo aku,
anggonmu nyambut gawe ana ing kene
iki tanpa bayaran? Bok tutura aku, kowe
njaluk opah apa?” [16] Anadene Pak Laban mau

duwe anak wadon loro, kang tuwa jenenge
Lea lan kang nom jenenge Rakhel. 17 Lea
iku mripate ora bening, nanging Rakhel iku
tandang-tanduke luwes lan ayu rupane. 18 Dadi
kang ditresnani Yakub iku Rakhel, mulane
ature: "Kula purun ngenger panjenengan
pitung taun dangunipun, supados angsal
Rakhel putra panjenengan ingkang nem."
19 Wangsulane Pak Laban: "Pancen luwih
becik dakwenehake kowe tinimbang karo
dakwenehake wong liya, tetepa melu aku!"
20 Yakub anggone ngengeri Rakhel iku lawase
pitung taun. Nanging samono mau dirasa
kaya-kaya mung sawatara dina bae, marga
saka tresnane marang Rakhel.
21 Sawuse mangkono Yakub tumuli matur
marang Pak Laban: "Calon semah kula
panjenengan paringaken, sabab wekdal
ingkang katemtokaken sampun telas, supados
kula lajeng saged emah-emah kaliyan Rakhel."
22 Pak Laban banjur nglumpukake wong ing
panggonan kono sarta nganakake pista.
23 Nanging bareng bengi Lea anake kang
tuwa kang ditemokake karo Yakub. Yakub
iya banjur sapaturon karo Lea. 24 Karodene
Pak Laban iya nggawani Zilpa abdine wadon
marang Lea anake, dadi abdine. 25 Kacarita
bareng esuk kasumurupan yen iku Lea.
Yakub tumuli matur marang Pak Laban:
"Kadospundi dene panjenengan nandukaken
makaten dhateng kula? Anggen kula ngenger
panjenengan punika rak supados kaangsalaken
Rakhel, kenging punapa kula panjenengan

apusi?” [26] Wangsulane Pak Laban: “Manut
adat ing panggonanku kene, ora lumrah
ngomah-omahake adhine ndhisiki mbakyune.
[27] Srantekna pitung dina engkas anggonmu
bebrayatan karo Lea, sawuse iku kowe iya
dakwenehi sijine minangka opahe, anggere
kowe saguh ngenger aku pitung taun maneh.”
[28] Yakub iya banjur nglakoni mangkono,
nutugake bebrayatane karo Lea nganti pitung
dina; bareng wus ganep pitung dina tumuli iya
diwenehi Rakhel anake, dadi somahe.

[29] Karodene Pak Laban nggawani anake mau
rewang wadon jenenge Bilha, dadi bature.
[30] Yakub iya banjur sapaturon karo Rakhel
uga, malah anggone nresnani Rakhel ngluwihi
katresnane marang Lea. Kaya mangkono
Yakub terus ngenger Laban pitung taun
maneh.

Para anake Yakub

29:31--30:24

[31] Pangeran Yehuwah mirsa yen Lea ora
ditresnani, mulane dibikak guwagarbane,
nanging Rakhel gabug. [32] Lea banjur ngandhut
sarta nglairake anak lanang, kang dijenengake
Ruben, pangucape: “Satemene Sang Yehuwah
wus mirsani kasangsaranku, samengko
aku mesthi ditresnani bojoku.” [33] Banjur
ngandhut maneh sarta nglairake anak lanang,
pangucape: “Pangeran Yehuwah mirsa yen
aku ora ditresnani, mulane aku diparingi
anak maneh.” Bocahe dijenengake: Simeon.

34 Sawuse mangkono banjur ngandhut maneh
sarta nglairake anak lanang, pangucape:
“Saiki bojoku bakal luwih cedhak marang
aku, marga aku wus nglairake anak lanang
nganti telu.” Mulane anake dijenengake: Lewi.
35 Wasana ngandhut maneh sarta nglairake
anak lanang, pangucape: “Sapisan iki aku
bakal saos sukur marang Pangeran Yehuwah.”
Mulane anake dijenengake: Yehuda. Sawuse
iku kandheg anggone nglairake anak.

30 1 Rakhel bareng rumangsa yen ora
patutan karo Yakub, banjur meri
marang mbakyune sarta matur marang
Yakub: “Bok kula sampeyan sukani anak!
Manawi boten, kula luwung pejah.” 2 Ing
kono Yakub tuwuh nepsune marang Rakhel,
pangucape: “Apa aku sesulihe Gusti Allah,
kang ora marengake kowe ngandhut?” 3 Ature
Rakhel: “Lah punika Bilha rencang kula estri,
sampeyan celaki, supados nglairaken anak
ing pangkon kula, supados ngangsalaken
turun dhateng kula.” 4 Bilha bature mau banjur
diaturake Yakub supaya dadi somahe, iya
kelakon dicedhaki. 5 Bilha banjur ngandhut
sarta duwe anak lanang patutan saka Yakub.
6 Rakhel tumuli ngucap: “Gusti Allah wus
paring adil marang aku, lan wus nyembadani
panyuwunku, diparingi anak lanang.” Mulane
bocahe dijenengake Dhan. 7 Bilha bature
wadon Rakhel mau ngandhut maneh, sarta
nglairake anak lanang kang kapindho patutan
saka Yakub. 8 Rakhel tumuli ngucap: “Dak
temeni banget anggonku gelut karo mbakyuku

lan aku kelakon menang." Mulane bocahe
mau dijenengake Naftali. 9 Bareng Lea weruh
yen kandheg anggone nglairake anak, tumuli
iya ngaturake bature wadon Zilpa marang
Yakub supaya dadi somahe. 10 Lan Zilpa bature
wadon Lea mau iya nglairake anak lanang
patutan karo Yakub. 11 Lea tumuli ngucap:
"Begja!" Mulane bocahe dijenengake Gad.
12 Sawuse mangkono Zilpa bature wadon
Lea nglairake anak lanang kang kapindho
patutan saka Yakub. 13 Pangucape Lea: "Aku
iki rahayu, saben wong wadon mesthi ngarani
aku rahayu." Anake nuli dijenengake: Asyer.
14 Nuju sawijining dina nalika mbeneri
mangsa panen gandum Ruben dolan-dolan,
banjur nemu woh dhudhaim ana ing pategalan,
diaturake marang Lea ibune; Rakhel nuli
tutur marang Lea: "Aku bok kokwenehi woh
dhudhaim duweke anakmu iku!" 15 Pangucape
Lea marang Rakhel: "Apa durung cukup
anggonmu ngebeki bojoku? Wuwuh-wuwuh
saiki arep ngepek woh dhudhaim duweke
anakku?" Pangucape Rakhel: "Manawa
mangkono bengi iki bapakne kareben turu
karo kowe minangka ijole woh dhudhaim
duweke anakmu!" 16 Bareng wayah sore
saulihe Yakub saka ing pategalan, banjur
dipapag Lea karo matur: "Sampeyan dalu
punika kedah tilem wonten ing panggenan
kula, amargi sampeyan sampun kula sewa
mawi woh dhudhaim gadhahanipun anak
kula." Dadine bengi iku Yakub turu karo Lea.
17 Anadene Gusti Allah nyembadani panyuwune

Lea, temah ngandhut sarta nglairake anak
lanang kalima patutan karo Yakub. 18 Lea
tumuli celathu: “Aku wus diparingi ganjaran
dening Gusti Allah, marga aku wis ngaturake
rewangku wadon marang bojoku.” Anake iku
dijenengake Isakhar. 19 Lea tumuli ngandhut
maneh sarta nglairake anak lanang kanem
patutan saka Yakub. 20 Lea banjur ngucap:
“Gusti Allah wus maringi ganjaran kang
endah marang aku, saiki bojoku bakal tetep
manggon tetunggalan karo aku, marga wus
dakolehake anak lanang nganti nenem.” Anake
mau dijenengake Zebulon. 21 Sawuse iku Lea
nglairake anak wadon lan dijenengake Dina.
22 Gusti Allah iya banjur ngengeti Rakhel;
panyuwune disembadani lan dening Gusti Allah
dibikak guwa-garbane, 23 temah ngandhut lan
nglairake anak lanang, celathune: “Gusti Allah
wus ngilangake kanisthanku.” 24 Anake banjur
dijenengake Yusuf, pangucape: “Muga-muga
Gusti Allah karsa mewahi anak lanang siji
engkas marang aku.”

Yakub sugih raja-kaya

30:25-43

25 Kacarita sawuse Rakhel nglairake
Yusuf, Yakub banjur matur marang Pak
Laban: “Kula panjenengan lilani mantuk
dhateng tanah kalairan lan nagari kula.
26 Semah dalah anak-anak kula panjenengan
paringaken, minangka pituwasipun anggen
kula ngenger panjenengan, kula lajeng

badhe mantuk, margi panjenengan sampun
uninga piyambak anggen kula tumemen
ngenger panjenengan.” 27 Nanging Pak Laban
mangsuli marang Yakub: “Bok kowe gawe
leganing atiku; aku wus niteni yen Pangeran
Yehuwah mberkahi aku marga saka kowe.”
28 Pangucape Pak Laban maneh: “Tetepna
dhewe buruhanmu pira kang kudu dakbayar,
mesti bakal dakwenehi.” 29 Ature Yakub
marang Pak Laban: “Panjenengan uninga
piyambak, kadospundi anggen kula ngenger
panjenengan, saha kadospundi kawontenaning
raja-kaya panjenengan salebetipun kula jagi.
30 Awitdene kagungan panjenengan boten
sapintena saderengipun kula dhateng, nanging
sapunika sampun ngrebda sanget, saha Sang
Yehuwah sampun mberkahi panjenengan
sadangunipun kula wonten ngriki. Dados
benjing punapa kula saged nyambut damel
kangge brayat kula piyambak?” 31 Wangsulane
Pak Laban: “Apa sing dadi panjalukmu
marang aku?” Ature Yakub: “Panjenengan
boten sisah maringi punapa-punapa dhateng
kula, kula sagah ngengen saha rumeksa
menda panjenengan sadaya malih, manawi
panjenengan marengaken ingkang dados atur
kula punika: 32 Dinten punika kula badhe
ngideri pepanthaning menda panjenengan
sadaya, misahaken sadhengah menda ingkang
tutul-tutul lan belang-belang; menda gembel
ingkang cemeng, saha ingkang belang utawi
tutul, punika dadosa gadhahan kula. 33 Sarta
benjing katemenan kula badhe katitik,

samangsa panjenengan niti priksa berahan
kula: Sadaya menda ingkang boten tutul-tutul
utawi belang-belang, saha menda gembel
ingkang boten cemeng, punika kaanggepa
anggen kula nyolong.” 34 Pangucape Pak
Laban: “Prayoga, tindakna kandhamu iku!”
35 Dina iku uga Yakub banjur misahake
wedhus-wedhus lanang kang lorek lan kang
belang, lan sakehe wedhus kang tutul-tutul
lan belang-belang, sadhengah kang ana
putihe, lan panunggalane wedhus gembel
kang ireng; banjur padha dipasrahake marang
anak-anake supaya dijaga. 36 Kajaba iku Pak
Laban nemtokake pamanggone Yakub lete
lakon telung dina. Yakub banjur ngengon
wedhus-wedhuse Pak Laban kang kari.
37 Yakub banjur njupuk pange wit libnah,
wit lus lan wit armon kang isih teles, padha
diklokopi kulite nganti katon putihe dadi
lorek-lorek. 38 Pang-pang kang wus diklokopi
mau tumuli didokok ana ing kalenan lan
papan pangomben, kang mesthi diparani
dening wedhus-wedhus manawa arep ngombe,
diprenahake ana ing ngarepe wedhus. Anadene
wedhus mau lumrahe seneng jejodhoan yen
ngarepake ngombe. 39 Yen wedhus-wedhus iku
anggone jejodhoan cedhak karo pang-pang
mau, anake banjur padha lorek-lorek,
tutul-tutul lan belang-belang. 40 Cempe kang
kaya mangkono mau banjur didhewekake,
sarta panthane wedhus diadhepake marang
kang lorek-lorek lan kang ireng ana ing
antarane wedhuse Pak Laban. Mangkono

anggone ngreka nglumpukake kewan-kewan
kanggo awake dhewe, ora diworake karo
pepanthane wedhuse Pak Laban. 41 Lan saben
wedhus kang rosa padha arep jejodhoan,
Yakub tumuli ndokok pang mau ana ing
wadhah pangomben ing ngarepe wedhus mau,
supaya padha jejodhoan ana ing ngarepe
pang-pang mau. 42 Nanging samangsa kang
jejodhoan iku wedhus kang ora rosa, ora
didokoki pang, temahan wedhus-wedhus kang
ora rosa dadi pandumane Pak Laban lan kang
rosa dadi pandumane Yakub. 43 Jalaran saka
iku raja-darbeke Yakub sangsaya tambah,
sugih raja-kaya, batur wadon lan lanang, unta
lan kuldi.

Yakub budhal tanpa pamit marang Pak Laban

31:1-21

31 1 Yakub krungu tembunge anak-anake
Pak Laban kang lanang, rasanane:
"Yakub iku wus njupuki darbeke bapakku lan
marga saka barang darbeke mau kasugihane
saya mundhak-mundhak." 2 Kajaba saka iku
Yakub iya niteni polatane Pak Laban, saiki
tangkepe wis beda karo sing uwis-uwis.
3 Pangeran Yehuwah tumuli ngandika marang
Yakub: "Sira muliha menyang tanahe
leluhurira lan kulawangsanira, dene Ingsun
bakal nunggil kalawan sira." 4 Yakub banjur
kongkonan ngundang Rakhel lan Lea menyang
ara-ara, pasabane wedhus-wedhuse. 5 Tumuli

padha dituturi mangkene: “Aku niteni yen
ulate bapakmu marang aku wis ora kaya
kang uwis-uwis, nanging Allahe bapakku
tansah nunggil karo aku. 6 Kowe padha
weruh dhewe, yen anggonku ngenger
bapakmu kanthi temen-temen. 7 Nanging
bapakmu wus nyidrani aku lan ngowah-owahi
buruhanku nganti kaping sepuluh, nanging
Gusti Allah ora marengake bapakmu gawe
pitunaku. 8 Manawa kandha: Kang tutul dadia
buruhanmu, sapantha kabeh banjur padha
manak tutul; lan manawa kandha: kang lorek
dadi buruhanmu, sapantha kabeh banjur
padha manak lorek. 9 Mangkono anggone
Gusti Allah mundhut raja-kayane bapakmu
lan diparingake marang aku. 10 Ing mangsane
wedhus padha jejodhoan, aku mulat ndeleng
sajroning pangimpen, lah wedhus lanang kang
padha dadi lelananging pepanthan iku padha
lorek, tutul apadene belang. 11 Sarta Sang
Malaekate Gusti Allah ngandika marang aku
sajroning pangimpen mau: Yakub! Unjukku:
Kawula nuwun, kula. 12 Dhawuhe: Sira mulata
lan mawasa, yen sakehe wedhus lanang kang
dadi lelananging pepanthan iku padha lorek,
tutul apadene belang, kang mangkono iku
marga Ingsun mirsa apa sapanggawene Laban
marang sira. 13 Ingsun iki Allah kang ana ing
Betel kae; ing panggonan nalika sira njebadi
tugu sarta punagi marang Ingsun; saiki sira
tata-tataa! Mangkata saka tanah iki lan muliha
menyang nagarane sanak sadulurira! 14 Lea lan
Rakhel banjur padha mangsuli, ature: “Kula

punapa taksih sami gadhah panduman utawi
warisan wonten ing griyanipun bapak kula?
[15] Kula rak sampun sami dipun anggep tiyang
sanes, margi sampun sami kasade, saha
arta pepajenganipun inggih dipun telasaken
piyambak. [16] Nanging sadaya kasugihan
ingkang dipun pundhut dening Gusti Allah
saking bapa kula, punika rak gadhahan
kula lan gadhahanipun anak-anak kula. Mila
sumangga sampeyan lampahi punapa ingkang
kadhawuhaken dening Gusti Allah dhateng
sampeyan!”
[17] Yakub banjur tata-tata, anak-anake
lan somahe padha ditunggangake unta.
[18] Karodene sakehing raja-kayane lan
sabarang darbeke oleh-olehane ana ing
Padan-Aram kono digawa kabeh, sedyane
menyang daleme Iskak kang rama ing tanah
Kanaan.
[19] Nalika samana Pak Laban lagi lunga
mbathili wedhuse, Rakhel banjur nyolong
terafim duweke bapakne. [20] Yakub ngakali
Laban wong Aram, anggone lunga tanpa
pamit. [21] Mangkono anggone lunga angles karo
nggawani sabarang darbeke kabeh, nyabrang
bengawan Efrat lakune ngener pagunungan
Gilead.

Pak Laban nututi Yakub

31:22-42

[22] Bareng telung dinane Pak Laban lagi
dikabari, yen Yakub wus lunga angles. [23] Tumuli

ngajak sanak kadange padha nututi Yakub.
Sawuse oleh lakon pitung dina, ketututan ana
ing pagunungan Gilead. 24 Nanging Gusti Allah
ngrawuhi Pak Laban wong Aram sajroning
pangimpen, dhawuhe: "Poma sira aja nguneni
apa-apa marang Yakub sanadyan mung
satembung bae!" 25 Nalika Pak Laban wus bisa
nututi Yakub, Yakub bus nancebake tarube ana
ing pagunungan; dene Pak Laban karo sanak
kadange iya banjur padha nancebake tarube
ana ing pagunungan Gilead. 26 Pak Laban
tumuli ngucap marang Yakub: "Pratingkah
apa kang koklakoni iki, dene kowe kok
nglimpekakе aku lan mboyongi anak-anakku
kaya bandhangan perang? 27 Yagene kowe
lunga ngglenes lan nglimpekake aku, yagene
ora aweh weruh marang aku, supaya aku bisa
nguntapake kowe kanthi suka-suka nganggo
sesindhenan kalawan terbang lan clempung?
28 Apamaneh aku ora nganti bisa ngambungi
putu-putuku lanang lan anak-anakku wadon.
Pratingkahmu mangkono iku ora patut. 29 Aku
iki bisa gawe cilakamu, nanging Gusti Allahe
bapakmu dhek bengi wus ndhawuhi aku:
Poma, sira aja nguneni Yakub sanadyan mung
sakecap bae. 30 Lah saikine, manawa kowe
pancen kudu lunga, awit saka kangenmu
marang omahe bapakmu, geneya kowe
nyolong dewa-dewaku?" 31 Wangsulane Yakub
marang Pak Laban: "Mila makaten, awit kula
kuwatos, margi osiking manah kula: gek-gek
panjenengan badhe ngrebat ingkang putra
saking tangan kula? 32 Nanging soksintena

ingkang kanggenan dewa panjenengan,
punika sampun ngantos dipun gesangi.
Sumangga panjenengan titi-priksa sadaya
barang kula, dipun seksenana sanak kadang
kita punika, kagungan panjenengan ingkang
wonten kula, kula aturi mundhut!” Amarga
Yakub ora weruh yen kang nyolong terafim
iku Rakhel. 33 Pak Laban banjur lumebu ing
tarube Yakub, tarube Lea lan tarube abdine
wadon sakarone, nanging terafime ora ana.
Sawetune saka tarube Lea, banjur lumebu ing
tarube Rakhel. 34 Anadene Rakhel kang njupuk
terafim mau lan dilebokake ing lapake unta,
banjur dilinggihi. Pak Laban tumuli nggledhahi
sawratane tarube, nanging ora nemu terafime.
35 Rakhel banjur matur marang bapakne:
“Bapak mugi sampun ngantos duka, dene
kula boten saged ngadeg wonten ngarsa
panjenengan, margi kula saweg ewed kados
salimrahipun tiyang estri.” Sanadyan Pak
Laban anggone nggledhahi kalawan njlimet,
ewasamono terafime meksa ora ketemu.
36 Ing kono Yakub banjur nepsu sarta meleh-
melehake marang Pak Laban: “Kalepatan
kula punapa? Saha dosa kula punapa, dene
panjenengan mbujeng kula klayan semu duka
makaten? 37 Anggen panjenengan nggledhahi
barang kula sadaya, punapa panjenengan
manggih barang saking dalem panjenengan?
Sumangga panjenengan paringaken wonten
ing ngajengipun sanak kadang kula lan
sanak kadang panjenengan, supados punika
sami ngadilana ing antawis kula kaliyan

panjenengan. 38 Kalih dasa taun anggen
kula ndherek panjenengan, menda gembel
lan menda panjenengan estri boten wonten
ingkang ngantos keluron, sarta menda gembel
panjenengan ingkang jaler boten nate kula
tedha. 39 Ingkang kamangsa ing sato galak,
boten kula aturaken panjenengan, kula lintoni
piyambak; ingkang dipun pendhet tiyang,
dadosa ing wanci siyang dadosa ing wanci
dalu, panjenengan tempahaken dhateng kula
sadaya. 40 Ing wanci siyang kula kabenteran
lan ing wanci dalu kasrepen, sarta kula kirang
tilem. 41 Ngantos kalih dasa taun anggen
kula ngenger, ingkang sekawan welas taun
anggen kula ngengeri putra panjenengan estri
kekalih, ingkang nem taun supados angsal
berahan raja-kaya, mangka berahan kula
tansah panjenengan ewah-ewahi ngantos
rambah kaping sadasa. 42 Saupami Allahipun
bapa kula, Allahipun Eyang Abraham, sarta
ingkang dipun eringi bapa kula Iskak boten
nunggil kula, sapunika panjenengan tamtu
ngesahaken kula kanthi legeh; nanging Gusti
Allah sampun nguningani kasangsaran saha
ngrekaos kula, saha sampun ndhawahaken
karampungan kala wau dalu."

Yakub lan Laban nganakake prajanjian

31:43-55

43 Pak laban banjur mangsuli marang Yakub:
"Wong wadon-wadon iku anakku lan bocah
lanang-lanang kuwi putuku, apadene panthan

wedhus iku iya panthanku, malah sabarang
kang kokdeleng iki kabeh iya duwekku; saiki
aku bisa nindakake apa marang anak-anakku
lan bocah-bocah kang dilairake iku? 44 Mulane
saiki ayo padha gawe prajanjian, aku lan
kowe, supaya iku dadia waton ing antarane
aku lan kowe.” 45 Yakub tumuli njupuk watu
diadegake dadi tugu.
46 Sawuse mangkono Yakub banjur matur
marang para kadang: “Sumangga sami
nglempakaken sela!” Tumuli padha njupuki
watu digawe tumpukan, banjur padha mangan
ana ing sacedhake tumpukan mau. 47 Pak
Laban anggone ngarani tumpukan watu mau:
Yegar-Sahaduta nanging Yakub ngarani:
Galed. 48 Pangucape Pak Laban: “Tumpukan
watu iku dadia seksi ana ing antarane aku
lan kowe ing dina iki.” Mulane tumpukan iku
diarani Galed. 49 Lan uga kasebut: Mispah,
marga pangucape: “Sang Yehuwah muga
nguningani aku lan kowe, samangsa kita
wus padha pepisahan. 50 Saupama kowe
nganti nyikara anak-anakku padha kokwayuh,
diawas, sanadyan ora ana wong kang cedhak
karo kita, Gusti Allah kang dadi seksi ana ing
antarane aku lan kowe.”
51 Sabanjure pangucape Pak Laban marang
Yakub mangkene: “Lah iki tumpukan watu
sarta tugu kang kita adegake ana ing antarane
aku lan kowe -- 52 tumpukan watu lan tugu
iki dadia seksi, yen aku ora bakal ngliwati
tumpukan iki nemoni kowe, lan kowe iya
ora bakal ngliwati tumpukan watu lan tugu

iki marani aku, kanthi sedya ala. 53 Allahe
Rama Abraham lan Allahe Rama Nahor lan
Allahe kang rama, muga karsaa jumeneng
dadi hakim ana ing antara kita.” Yakub
banjur sumpah demi Kang Dieringi kang
rama Iskak. 54 Karodene Yakub nyaosake
kurban sembelehan ana ing pagunungan
kono, sarta ngundangi para sanak kadange
kembul mangan. Dene sawuse padha mangan
banjur padha nginep ana ing pagunungan
kono. 55 Esuke isih umun-umun Pak Laban
ngambungi anak-putune lanang wadon
sarta padha diberkahi; sawuse mangkono
banjur budhal mulih menyang panggonane
dhewe-dhewe.

Yakub wedi ketemu karo Esap

32:1-21

32 1 Yakub mbacutake lakune, tumuli
dipethuk dening para malaekating
Allah. 2 Bareng weruh malaekat mau, Yakub
tumuli ngucap: “Iki wadyabalane Gusti
Allah.” Mulane panggonan kono mau diarani:
Mahanaim.

3 Sawuse iku Yakub tumuli kongkonan
ndhisiki lakune nemoni Esap, kangmase,
menyang tanah Seir jajahan Edom. 4 Padha
diweling mangkene: “Kowe padha matura
marang bendaraku Esap mangkene: Aturipun
abdi panjenengan Yakub: Kula sampun dados
tiyang neneka wonten ing panggenanipun
Bapak Laban, saweg mantuk sapunika.

5 Kaliyan malih kula sampun angsal lembu,
kuldi, saha menda tuwin rencang jaler estri,
wondene samangke anggen kula kengkenan
punika perlu ngaturi uninga dhateng bendara,
supados kula angsala sih wonten ngarsa
panjenengan.” 6 Sabaline kongkonan banjur
padha matur marang Yakub: “Kula sampun
sami sowan dhateng ingkang raka Esap,
saha panjenenganipun sampun bidhal
kadherekaken tiyang sekawan atus perlu
methuk panjenengan.” 7 Ing kono Yakub
wedi banget, lan atine miris, mulane para
bature, wedhuse, sapine lan untane banjur
diperang dadi rong pantha. 8 Osiking atine:
“Saupama Esap teka nempuh kang siji nganti
kalah, panthan kang kari isih bisa oncat.”
9 Yakub tumuli munjuk: “Dhuh Allahipun
embah kawula Abraham saha Allahipun
bapa kawula Iskak, dhuh Yehuwah, ingkang
sampun ngandika dhateng kawula: Sira muliha
menyang tanahira marang sanak kadangira
lan Ingsun bakal mbeciki sira, 10 kawula punika
babar-pisan boten pantes manawi tampia
sakathahing sih kadarman saha kasetyan
ingkang sampun Paduka tandukaken dhateng
abdi Paduka, awit kala rumiyin nalika kawula
nyabrang lepen Yarden punika namung
mbekta teken kawula punika, mangka kawula
samangke sampun ngrebda ngantos dados
kalih pantha makaten. 11 Mugi kawula Paduka
uwalaken saking tanganipun kakang kawula,
saking tanganipun Esap, awitdene kawula
ajrih dhateng piyambakipun, bokmanawi

sadhatengipun lajeng mejahi kawula dalah
para biyung saanak-anakipun. 12 Paduka
rak sampun ngandika: Ingsun mesthi bakal
mbeciki sira lan turunira bakal Sundadekake
kaya wedhine sagara kang ora kena dietung
marga saka akehe.” 13 Ing wengi iku Yakub
nginep ing papan kono.
Sawuse mangkono nuli njupuk saperangane
oleh-olehane kagawe atur-atur marang Esap
rakane. 14 Wedhus wadon rong atus, wedhus
berok lanang rong puluh, wedhus gembel
wadon rong atus, kang lanang rong puluh.
15 Unta wadon kang lagi nusoni telung puluh
dalah anak-anake, sapi wadon patang puluh
lan sapi lanang sepuluh, kuldi wadon rong
puluh lan kuldi lanang sepuluh. 16 Kabeh
mau dipasrahake abdine supaya dijaga,
saben sapantha dhewe-dhewe, karo padha
diweling: “Kowe ndhisikana lakuku lan saben
sapantha nganggoa dileti.” 17 Kang lumaku
dhisik diweling mangkene: “Samangsa Esap
kangmasku wus ketemu karo kowe lan kowe
didangu: Sapa bendaramu, lan kowe padha
arep menyang ngendi? Lan raja-kaya kang
kokgiring iku duweke sapa? 18 Kowe nuli
matura: Gadhahanipun abdi panjenengan
Yakub, punika atur-aturipun ingkang kagem
bendara kula Esap, lan abdi panjenengan
piyambak wonten ing wingking kula.” 19 Batur
kang kapindho lan katelu lan kabeh kang
padha nggiring pepanthan mau iya padha
diweling kaya mangkono uga, tembunge:
“Kowe padha matura marang bendaraku

Esap kaya mangkono mau, samangsa padha
ketemu panjenengane. [20] Lan iya padha
matura mangkene: Lah abdi panjenengan
Yakub inggih wonten wingking kula.” Awitdene
pangunandikane mangkene: “Atine daklilihne
sarana atur-atur kang ndhisiki aku, sawuse
mangkono daktemoni, bokmanawa aku
ditanggapi klawan becik.” [21] Dadine atur-atur
mau diaturake dhisik, nanging Yakub dhewe
ing sawengi iku isih kari nginep ing tarube.

Yakub digelut dening Sang Malaekating Allah

32:22-32

[22] Bareng bengi Yakub tangi sarta ngajak
somahe karo pisan, abdine wadon loro-
lorone lan anake lanang sawelas banjur
disabrangake ing kali Yabok. [23] Sawuse iku
padha disabrangake, tumuli iya nyabrangake
sabarang darbeke kabeh. [24] Mung Yakub
kang kari dhewe. Dumadakan ana priya
kang nggelut Yakub nganti tumeka bangun
raina. [25] Bareng priya mau rumaos ora
bisa ngalahake, tumuli mupuh cethike
Yakub, temahan cethike kongsul sajrone
gelut mau. [26] Priya mau banjur ngandika:
“Wis, eculna aku, awit wus bangun raina!”
Ature Yakub: “Paduka boten badhe kawula
eculaken, manawi dereng maringi berkah
dhateng kawula.” [27] Pandangune priya mau:
“Jenengira sapa?” Unjuke: “Yakub.” [28] Priya
iku ngandika maneh: “Jenengira sabanjure

wus aja kasebut Yakub maneh, nanging
Israel, mulane mangkono awit sira wus gelut
nglawan Allah lan manungsa, mangka sira
menang.” [29] Yakub banjur matur: “Paduka
inggih kawula aturi nyebataken ingkang
asma.” Nanging pangandikane: “Yagene sira
ndadak takon asmaningSun?” Yakub banjur
diparingi berkah ana ing kono. [30] Panggonan
kono mau dijenengake Yakub Pniel, ujare:
“Aku wus ndeleng Allah adu arep, nanging
nyawaku kapitulungan.” [31] Nalika Yakub wus
ngliwati Pniel, srengengene mlethek; anadene
lakune pincang, marga cethike kongsul.
[32] Yaiku mula bukane wong Israel nganti saiki
ora mangan daging kang nutupi cethik, marga
Panjenengane wus mupuh cethike Yakub, ing
ototing cethike.

Yakub rukun maneh karo Esap

33:1-20

33 [1] Yakub tumuli mulat lan banjur
weruh Esap teka kairingake wong
patang atus. Yakub banjur merang-merang
anak-anake, saperangan kapasrahake marang
Lea, saperangan marang Rakhel lan marang
bature wadon sakarone. [2] Bature wadon lan
anak-anake diprenahake ana ngarep, Lea lan
para anake ana ing burine, Rakhel lan Yusuf
ana ing buri dhewe. [3] Dene Yakub dhewe
lumaku ana ing ngarepe sarta sumungkem ing
bumi rambah ping pitu, nganti tekan ngarepe
kangmase. [4] Esap tumuli mlayoni sarta Yakub

dikekep, dirangkul gulune sarta diarasi,
sakarone padha nangis. 5 Bareng Esap ndeleng
para wong wadon lan bocah-bocah, banjur
takon: "Kang padha melu kowe iku sapa
bae?" Wangsulane Yakub: "Punika lare-lare
peparingipun Gusti Allah dhateng ingkang
abdi." 6 Sawuse mangkono para batur wadon
mau dalah para anake padha maju sujud.
7 Lea lan anak-anake iya maju lan sujud,
wasana Yusuf lan Rakhel padha nyedhak lan
tumelung. 8 Esap banjur takon: "Karepmu
kapriye mungguh golongan kang kapethuk
aku mau?" Wangsulane: "Punika supados
kula angsal sih panjenengan." 9 Nanging Esap
celathu maneh: "Dhi, aku wus ora kekurangan,
duwekmu lestaria dadi duwekmu dhewe."
10 Yakub tumuli ngucap: "Sampun makaten ta,
manawi kula sampun angsal sih wonten ngarsa
panjenengan, mugi karsaa nampeni atur-atur
kula punika saking tangan kula, awitdene
sareng kula sumerep pasemon panjenengan,
mangka panjenengan karsa nanggapi kula,
punika prasasat kula sumerep wadananipun
Gusti Allah. 11 Bok inggih panjenengan karsa
nampeni pisungsung kula ingkang sampun
kaaturaken dhateng panjenengan punika,
margi Gusti Allah sampun nandukaken sih
kadarman dhateng kula, saha kula sampun
karoban samukawis." Bareng digubel-gubel
Esap temahan gelem nampani. 12 Pangucape
Esap: "Payo padha budhal mbanjurake
laku, lakumu bakal dakbarengi." 13 Nanging
Yakub mangsuli marang Esap: "Panjenengan

mirsa, bilih lare-lare punika taksih kirang
kiyat, saha kula mbekta menda lan lembu
ingkang taksih nesepi, punika saupami dipun
bereg lampahipun sadinten kemawon, temtu
sapantha badhe pejah sadaya. [14] Panjenengan
mugi karsaa tindak ngrumiyini kula, dene kula
badhe lumampah lon-lonan manut lampahing
kewan ingkang wonten ing ngajeng kula,
saha manut lampahipun lare-lare, ngantos
kula dumugi ing ngarsa panjenengan wonten
ing Seir.” [15] Esap mangsuli: “Yen mangkono,
becike kowe daktinggali bala kang melu aku
iki.” Nanging wangsulane Yakub: “Boten sisah
makaten, kula sampun cekap angsal sih
wonten ngarsa panjenengan punika.” [16] Dadine
Esap banjur bali ing dina iku menyang
tanah Seir. [17] Nanging Yakub banjur budhal
menyang Sukot, ana ing kono yasa omah, lan
raja-kayane digawekake kandhang-kandhang,
mulane panggonan iku diarani Sukot.

[18] Lakune Yakub saka Padan-Aram tekan
Sikhem tanah Kanaan kanthi slamet, banjur
ngadegake tarube ana ing sawetaning kutha.
[19] Palemahan sathithik kang diadegi tarube
iku olehe tuku saka para putrane Sang Prabu
Hemor, ramane Sang Sikhem, kanthi rega
satus kesitah. [20] Ana ing kono banjur yasa
misbyah dijenengake: “Allahe Israel iku Allah.”

Dina lan Sang Sikhem

34:1-31

34 [1] Ing sawijining dina Dina anake
wadon Lea patutan saka Yakub niliki
bocah-bocah wadon ing nagara kono. [2] Bareng
kapirsan Sang Sikhem putrane Sang Prabu
Hemor, wong agung Hewi, raja negara kono,
tumuli diplajengake lan ditunggil sare nganggo
dirodapeksa. [3] Nanging Sang Sikhem banget
kayungyune marang Dina, anake Yakub;
sarta kasmaran banget marang bocah wadon
mau, mulane tansah dibujuk sarana tembung
manis. [4] Banjur matur marang kang rama
Sang Prabu Hemor, ature: "Lare estri punika
panjenengan dalem pundhut dadosa semah
kawula." [5] Anadene Yakub wus krungu yen
Dina anake iku wus dirusuhi Sang Sikhem.
Nanging anake lanang mbeneri lagi padha
ngreksa raja-kayane ana ing ara-ara, dadine
Yakub meneng bae ngenteni saulihe.

[6] Sang Prabu Hemor ramane Sang Sikhem,
tumuli miyos manggihi Yakub karsa
rerembagan. [7] Nalika iku anak-anake Yakub
mulih saka ing ara-ara, bareng krungu
prakara iku banget lara atine sarta nepsu
banget, marga Sang Sikhem wus nindakake
pratingkah nistha tumrape wong Israel, marga
ngrodapeksa marang anake wadon Yakub;
patrap mangkono iku ora patut. [8] Sang Prabu
Hemor banjur rerembagan karo Yakub lan
anak-anake: "Anak kula Sikhem punika sanget

anggenipun kasmaran dhateng ingkang putra,
mugi panjenengan paringaken supados dados
semahipun, 9 sarta sumangga sami bebesanan,
ingkang putra putri sami kaparingna dhateng
kula, saha anak-anak kula estri panjenengan
pundhut mantu. 10 Kula aturi dedalem
sesarengan kaliyan kula, sawontenipun tanah
kula sumanggakaken, kula aturi dedalem
ing ngriki, kula aturi ndlajahi nagari punika
kanthi merdika, saha kula aturi tetep dedalem
wonten ngriki.” 11 Sang Sikhem banjur
ngandika marang bapakne lan para sadulure
Dina: “Kula mugi angsala sih wonten ngarsa
panjenengan, kula badhe ngaturaken punapa
ingkang panjenengan pundhut. 12 Sanadyan
panjenengan ngarsakaken arta tumbasan lan
arta sasrahan pinten kemawon kathahipun,
badhe kula caosi manut sapamundhut
panjenengan, namung larenipun estri mugi
panjenengan paringaken dadosa semah kula.”
13 Anak-anake Yakub banjur matur marang
Sang Sikhem lan Sang Prabu Hemor nganggo
dijlomprongake, marga Dina sadulure wus
dirusuhi Sang Sikhem, 14 ature mangkene:
“Kawula sami boten saged nglampahi ingkang
kados makaten punika, dene ngulungaken
adhi estri dhateng priya ingkang boten
supit, margi punika satunggaling kanisthan
tumrap kawula sadaya. 15 Namung kemawon
kawula inggih kedugi minangkani pamundhut
dalem, anggeripun panjenengan dalem sami
nglampahi kados kawula makaten, inggih
punika: sadaya tiyang jaler panunggilan

dalem samia dipun supiti. 16 Manawi sampun
makaten, anak-anak kawula estri badhe
kawula aturaken dhateng bangsa dalem, sarta
kawula sami badhe mendhet anak-anakipun
estri bangsa dalem; kawula badhe manggen
tunggil kaliyan panjenengan dalem, sami
dados bangsa satunggal. 17 Nanging manawi
panjenengan dalem boten karsa ndhahar atur
kawula punika, saha boten karsa nglampahi
supit, anak kawula estri badhe kawula pendhet
lajeng sami kesah saking ngriki.” 18 Sang
Prabu Hemor lan Sang Sikhem putrane padha
ngrujuki usul mangkono mau. 19 Sang anem
mau tumuli nindakake mangkono, marga saka
kasmarane marang anake Yakub, kajaba iku
Sang Sikhem mau ana ing antarane brayate
kajen-keringan dhewe.

20 Sang Prabu Hemor lan kang putra
Sikhem tumuli padha tedhak menyang ing
sakethenging kutha prelu ndhawuhake marang
para wong ing kutha kono, mangkene:
21 “Wong-wong iku padha gelem rerukunan
karo kita, mulane kareben padha manggon ana
ing tanah kene lan ndlajahi kanthi merdika;
tanah kene iki rak cukup jembar kanggo
wong-wong iku! Kita padha bisa njupuk
anak-anake wadon dadi sisihan kita, lan
anak-anak kita wadon padha kita wenehake
mrana. 22 Mung bae wong-wong mau anggone
padha gelem nuruti marang kita, supaya bisa
nunggal manggon lan dadi bangsa siji, yaiku
anggere sadhengah wong lanang panunggalan
kita padha tetak, dikaya wong-wong mau iya

padha tetak. 23 Raja-kayane, raja-darbeke,
apamaneh sakehe kewane iku kabeh rak
bakal dadi darbek kita! Mung bae becik
padha dilegani kang dadi panjaluke iku,
temah mesthi bakal manggon awor karo
kita.” 24 Pangandikane Sang Prabu Hemor lan
Sang Sikhem putrane mau dirujuki dening
wong-wong kabeh kang padha teka nglumpuk
ing sakethenging kutha, temah kelakon saben
wong lanang ing kutha kono kang diwasa
padha ditetaki.

25 Kacarita bareng telung dinane, wong-wong
mau lagi ngrasakake lara-larane, tumuli
ditekani anake Yakub loro, yaiku Simeon lan
Lewi, kangmase Dina, padha sikep pedhang
nempuh kutha mau klawan ora kadunungan
rasa wedi lan mateni sadhengah wong lanang.
26 Dalah Sang Prabu Hemor lan kang putra
Sikhem iya disedani klawan pedhang, Dina
dijupuk saka daleme Sikhem, banjur digawa
lunga. 27 Sawuse mangkono para anake Yakub
padha ngrayahi barang-barange kang padha
dipateni mau, njarah-rayah kutha kono, awit
sadulure dirusuhi. 28 Wedhuse, sapine, kuldine
apadene samubarang kang ana jero lan jaban
kutha padha digawani, 29 karodene sakehe
kasugihane, kabeh anake lan wong wadon
padha ditawan, sarta samubarang kang ana
jero ngomahe iya dirayah kabeh.

30 Ing kono Yakub celathu marang Simeon
lan Lewi: “Kowe iku padha gawe sangsaraku,
marga jenengku kokgawe bacin ana ing
nagara kene, ing antarane bangsa Kanaan lan

wong Feris, mangka wong-wong kita iki mung
sathithik; manawa wong-wong mau padha
sabiyantu nglawan kita, mesthi aku bakal
padha dikalahake lan ditumpes, iya aku dalah
sabrayatku kabeh.” 31 Ature kang didukani:
“Kenging punapa adhi kula kok dipun garap
kados tiyang estri tunasusila?”

Yakub ana ing Betel kaping pindhone

35:1-15

35 1 Gusti Allah banjur ngandika marang
Yakub: “Sira tata-tataa lan mangkata
menyang Betel, manggona ana ing kono
lan gawea misbyah konjuk marang Gusti
Allah kang wus ngatingal marang sira, nalika
sira ngungsi saka ngarepe Esap kakangira!”
2 Yakub banjur celathu marang brayate lan
sakalerehane kabeh: “Padha singkirna sakehe
brahala kang ana ing tengahmu, sesucia lan
salina sandhangan! 3 Payo padha tata-tata
lan mangkat menyang Betel, ana ing kono
aku arep gawe misbyah konjuk marang Gusti
Allah, kang wus nyembadani marang aku ing
dina karubedanku, lan wus nunggil karo aku
ana ing dalan kang dakambah.” 4 Wong-wong
banjur masrahake marang Yakub sakehing
dewa asing kang didarbeki, mangkono uga
anting-anting kang ana ing kupinge, sarta
banjur dipendhem dening Yakub ana ing
ngisore wit gedhe sacedhake Sikhem kono.
5 Sawuse mangkono banjur padha budhalan.
Kutha-kutha kang ana ing sakubenge padha

ketaman ing pagiris saka Gusti Allah, temahan
pada ora ngoyak marang para anake Yakub.
6 Yakub banjur tekan ing Lus ing tanah
Kanaan, iya iku Betel; dheweke lan sakehe
wong-wong kang padha ngetutake; 7 sarta
tumuli ngadegake misbyah ana ing kono, lan
panggonan iku dijenengake El-Betel, marga
ana ing kono Gusti Allah anggone nglairake
kawontenane marang dheweke nalika ngungsi
saka ing ngarepe sadulure. 8 Nalika samana
Debora inyane Ribkah ngajal, banjur kakubur
ing Betel perangan kang ngisor ana ing
sangisore wit gedhe, kang katelah aran: Wit
Gedhe Patangisan.
9 Saulihe Yakub saka Padan-Aram, Gusti
Allah ngatingali maneh sarta mberkahi.
10 Pangandikane Gusti Allah marang Yakub
mangkene: “Jenengira Yakub, wiwit saiki
sira wus aja jeneng Yakub maneh, nanging
Israel, iku dadia jenengira.” Mangkono
anggone Gusti Allah netepake jenenge
Israel. 11 Sarta dipangandikani maneh dening
Gusti Allah mangkene: “Ingsun iki Allah
Kang Mahakawasa, sira bebranahana lan
tangkar-tumangkara; ana bangsa, malah
golonganing bangsa kang bakal dumadi
saka sira, lan bakal ana raja-raja kang
asale saka sira. 12 Karodene tanah kang
wus Sunparingake marang Abraham lan
marang Iskak, iku Sunparingake marang
sira lan marang turunira.” 13 Gusti Allah
banjur sumengka nilar Yakub mengker saka
panggonan anggone mentas mangandikani

mau. [14] Yakub tumuli ngedegake tugu ana ing
panggonan kono yaiku tugu watu lan nyaosake
kurban unjukan sarta ngesokake lenga ing
sadhuwure watu mau. [15] Anadene panggonan
anggone dipangandikani Gusti Allah mau
dijenengake Yakub: “Betel”.

Laire Benyamin lan ngajale Rakhel

35:16-22a

[16] Sawuse mangkono tumuli padha budhal
saka Betel. Bareng lakune tekan ing sacedhake
Efrata, Rakhel nglairake jabang bayi, dene
anggone duwe anak iku rekasa banget.
[17] Kacarita bareng anggone duwe anak
nganti rekasa mangkono iku, dhukune bayi
banjur matur: “Sampeyan sampun kuwatos,
awitdene sampeyan inggih badhe gadhah
anak jaler malih.” [18] Nalika ndungkap ajal --
amarga wekasane tinggal donya -- anake
mau dijenengake Ben-Oni, nanging bapakne
njenengake Benyamin. [19] Mangkono anggone
Rakhel tinggal donya, banjur kakubur ana
sapinggiring dalan kang anjog ing Efrata,
yaiku Betlehem. [20] Yakub ngadegake tugu ing
kuburane, iya iku tengerane kuburane Rakhel
nganti saprene.
[21] Sawuse iku Israel tumuli budhal sarta
nancebake tarube ana ing sabrange Migdal-
Eder. [22] Nalika Israel lereb ana ing kono,
kelakon Ruben amor turu karo Bilha, selire
bapakne, mangka prakara iku keprungu Israel.

Para anake Yakub -- Rama Ishak seda

35:22b-29

(35-22b) Anadene anake Yakub kang lanang
iku ana rolas. 23 Anake Lea yaiku Ruben
pembarepe Yakub, nuli Simeon, Lewi, Yehuda,
Isakhar lan Zebulon. 24 Anake Rakhel: Yusuf
lan Benyamin. 25 Anake Bilha bature wadon
Rakhel: Dhan lan Naftali. 26 Anake Zilpa
bature wadon Lea: Gad lan Asyer. Iku kabeh
anake lanang Yakub kang kalairake ana ing
Padan-Aram.
27 Yakub banjur sowan ing ngarsane kang
Rama Iskak, ana Mamre ing sacedhake
Kiryat-Arba, iya iku Hebron, panggonan
palerebane Rama Abraham lan Rama Iskak
anggone padha dadi wong neneka. 28 Anadene
yuswane Rama Iskak nyandhak satus wolung
puluh taun. 29 Rama Iskak tumuli apegat
nyawa lan seda, banjur dikempalake kalawan
para leluhure; wus sepuh lan tuwuk gesange,
banjur disarekakake dening kang putra Esap lan
Yakub.

Para turune Esap

36:1-19

36 1 Iki turune Esap, yaiku Edom. 2 Esap
iku golek jodho wong wadon Kanaan,
yaiku: Ada, anake Elon wong Het lan
Oholibama, anake Ana, anake Zibeon wong
Hewi, 3 lan Basmat, anake Ismael adhine

Nebayot. 4 Ada mau anak-anak Elifas patutan
saka Esap, lan Basmat anak-anak Rehuel.
5 Sarta Oholibama anak-anak Yeusy, Yaelam
lan Korakh. Iya iku para anake Esap kang laire
ana ing tanah Kanaan.
6 Esap tumuli mboyongi para somahe,
anak-anake lanang lan wadon sarta sabrayate
kabeh, raja-kayane, kewane lan sabarang
darbeke oleh-olehane ana ing tanah Kanaan,
banjur lunga menyang nagara liya pisah
karo Yakub adhine. 7 Marga raja-darbeke
sakaro-karone iku akeh banget, njalari ora
bisa awor pamanggone, tanah pamanggone
neneka iku ora nyukupi awit saka kehing
raja-kayane. 8 Dadine Esap banjur manggon
ing pagunungan Seir; Esap yaiku Edom.
9 Iki turune Esap, leluhure bangsa Edom ana
ing pegunungan Seir. 10 Iki jenenge para anake
Esap: Elifas, anake Ada, somahe Esap, Rehuel
anake Basmat somahe Esap. 11 Anake Elifas
yaiku: Teman, Omar, Zefo, Gaetam lan Kenas.
12 Anadene Timna iku selire Elifas anake Esap,
iku nglairake Amalek patutan karo Elifas. Iku
mau putu-putune Ada somahe Esap. 13 Para
anake Rehuel yaiku: Nahat, Zerakh, Syama
lan Miza. Iku para putune Basmat somahe
Esap. 14 Iki para anake Oholibama, somahe
Esap, anake Ana anake Zibeon; iku nglairake
anak patutan karo Esap, yaiku: Yeusy, Yaelam
lan Korakh.
15 Iki pratelane para panggedhening taler-
taler turune Esap: Elifas anake pembarep Esap
nurunake panggedhening golongan Teman,

golongan Omar, golongan Zefo lan golongan
Kenas, [16] Panggedhening golongan Korakh,
golongan Gaetam lan golongan Amalek: iku
para panggedhening golongan Elifas ing tanah
Edom, iku turune Ada. [17] Dene para turune
Rehuel anake Esap yaiku: panggedhening
golongan Nahat, panggedhening golongan
Zerakh, panggedhening golongan Syama
lan panggedhening golongan Miza. Iku para
panggedhening golongan anake Rehuel ana
ing tanah Edom; iku mau padha turune
Basmat somahe Esap. [18] Iki para anake
Oholibama somahe Esap: Panggedhening
golongan Yeusy, panggedhening golongan
Yaelam, panggedhening golongan Korakh;
iku kabeh para anake Oholibama somahe
Esap anake Ana. [19] Iku mau padha turune
Esap, yaiku Edom lan iku para panggedhening
golongan-golongane.

Turune Seir

36:20-30

[20] Iki anak-anake Seir wong Hori, wong bumi
kono: Lotan, Syobal, Zibeon lan Ana. [21] Disyon,
Ezer lan Disyan, iku mau panggedhening
golongan Hori, anake Seir ana ing tanah Edom.
[22] Anak-anake Lotan yaiku Hori lan Heman,
sadulure Lotan kang wadon yaiku Timna.
[23] Iki anak-anake Syobal: Alwan, Manahat,
Ebal, Syefo lan Onam. [24] Anak-anake Zibeon:
Aya lan Ana. Ana iku kang nemu tuk banyu
anget ana ing pasamunan, nalika pinuju angon

kuldine Zibeon bapakne. 25 Dene anake ana:
Disyon lan Oholibama, anake wadon Ana. 26 Iki
anak-anake Disyon: Hemdan, Esyban, Yitran
lan Kheran. 27 Iki para anake Ezer: Bilhan,
Zaawan lan Akan. 28 Iki para anake Disyan: Us
lan Aran. 29 Iku para panggedhening golongane
wong Hori: panggedhening golongan Lotan,
golongan Syobal, golongan Zibeon, golongan
Ana, 30 golongan Disyon, golongan Ezer lan
golongan Disyan. Iku mau para panggedhening
golongane wong Hori miturut golongane ing
tanah Seir.

Raja-raja Edom

36:31-43

31 Iki pratelane para raja kang ngasta
paprentahan ing tanah Edom, sadurunge
tanah Israel ana rajane. 32 Ing tanah Edom,
kang ngratoni Sang Prabu Bela bin Beor,
dene kuthane aran Dinhaba. 33 Sawuse Sang
Prabu Bela seda, kang nggentosi Sang Yobab
bin Zerah saka ing Bozra. 34 Sasedane Sang
Prabu Yobab, kang nggentosi jumeneng
raja Sang Husyam saka nagarane bangsa
Teman. 35 Sasedane Sang Prabu Husyam,
kang nggentosi jumeneng raja Sang Hadad
bin Bedad, kang nggecak bala Midian ana
ing jajahane Moab, dene kuthane aran
Awit. 36 Sasedane Sang Prabu Hadad, kang
nggentosi jumeneng raja Sang Samla saka
Masreka. 37 Sasedane Sang Prabu Samla,
kang nggentosi jumeneng raja Sang Saul saka

Rehobot ing pinggir bengawan. [38] Sasedane
Sang Prabu Saul, kang nggentosi jumeneng
raja Sang Baal-Hanan bin Akhbor. [39] Sasedane
Sang Prabu Baal-Hanan bin Akhbor, kang
nggentosi jumeneng raja Sang Hadar, kuthane
aran Pahu lan garwane asma Mehetabeel
putrane Sang Matred putrane Sang Mezahab.
[40] Iki jenenge para panggedhene bani
Esap miturut golongan lan panggonane
kalawan jenenge dhewe-dhewe; panggedhene
golongan Timna, panggedhene golongan Alwa,
panggedhene golongan Yetet, [41] panggedhene
golongan Oholibama, panggedhene
golongan Ela, panggedhene golongan
Pinon, [42] panggedhene golongan Kenas,
panggedhene golongan Teman, panggedhene
golongan Mibzar, [43] panggedhene golongan
Magdiel lan panggedhene golongan Iram.
Iya iku para panggedhene golongan Edom
miturut panggonane ana ing tanah ebeke
dhewe-dhewe. Edom iku Esap, leluhure bangsa
Edom.

Yusuf lan para sadulure

37:1-11

37 [1] Anadene Rama Yakub iku pamanggene
ana ing tanah tilas pamanggone kang
rama neneka, iya iku ing tanah Kanaan.
[2] Iki critane tedhak-turune Rama Yakub.
Yusuf nalika umur pitulas taun, dadi isih
enom, kulina angon raja-kaya bebarengan
karo sadulur-sadulure, anake Bilha lan Zilpa

garwane kang rama, sarta Yusuf iku ngaturake
marang kang ramane bab pialane para
sadulure. 3 Rama Israel anggone ngasihi Yusuf
ngluwihi para sadulure liyane kabeh, marga
Yusuf iku laire nalika Rama Yakub wus sepuh;
sarta Yusuf digawekakake jubah kang becik
banget. 4 Bareng sadulure padha ngreti yen
kang rama anggone ngasihi Yusuf kinacek karo
liyane, temah Yusuf disengiti lan ora gelem
ngaruh-aruhi klawan ulat sumeh.

5 Ing sawijining dina Yusuf ngimpi, impene
mau banjur dicaritakake marang para
sadulure, temah sadulure saya mundhak
maneh sengite. 6 Marga celathune marang
para sadulure: "Coba rungokna impen
kang dakimpekake iki: 7 Aku lan kowe
lagi padha mbenteli gandum ana ing
pategalan; bentelanku nuli ngadeg jejeg, dene
bentelanmu banjur padha teka ngubengi lan
sujud nyembah marang bentelanku." 8 Ing
kono para sadulure padha ngucap: "Apa kowe
kepengin ngratoni aku iki kabeh?" Temahan
saya mundhak maneh sengite jalaran saka
impene lan tembunge iku.

9 Yusuf banjur ngimpi maneh, iku iya
dicaritakake marang para sadulure,
pangucape: "Lah aku ngimpi maneh:
Srengenge, rembulan sarta lintang sawelas
padha katon sujud lan nyembah ana
ngarepku." 10 Bareng bab iki dicaritakake
marang kang rama lan para sadulure, temah
didukani dening kang rama: "Impen apa ta
impenmu iku? Mangsa ta yen aku, ibumu lan

para sadulurmu bakal padha sumungkem ing
bumi ana ing ngarepmu?” [11] Sadulur-sadulure
dadi padha ewa marang Yusuf, nanging kang
rama nyathet iku ing sajroning panggalihe.

Yusuf didol menyang tanah Mesir

37:12-36

[12] Ing sawijining dina para sadulure padha
angon raja-kayane kang rama ana ing jajahan
Sikhem. [13] Rama Israel tumuli ngandika
marang Yusuf: “Kamas-kamasmu rak lagi
padha angon raja-kaya ana jajahane Sikhem.
Mulane kowe dakkongkon niliki mrana!” Ature
Yusuf: “Sandika.” [14] Banjur pangandikane
maneh: “Kowe mranaa, tilika kaslametane
sadulur-sadulurmu lan kaslametane raja-kaya,
mengko aku kandhanana!” Mangkono Rama
Yakub anggone utusan Yusuf saka ing lebake
Hebron lan banjur wis tekan ing Sikhem.
[15] Bareng Yusuf lagi mlaku mrana-mrene ana
ing ara-ara, banjur kapethuk sawijining wong
lanang kang ngaruh-aruhi: “Sampeyan madosi
punapa?” [16] Wangsulane Yusuf: “Kula madosi
sadherek-sadherek kula, kula mugi sampeyan
tedahaken wonten ing pundi anggenipun sami
angen?” [17] Celathune wong mau: “Sampun
sami kesah saking ngriki, awit kula mireng
anggenipun sami reraosan: Payo padha
menyang Dhotan.” Dadine Yusuf banjur nusul
para sadulure, sarta padha ketemu ana ing
Dhotan.

18 Saka kadohan Yusuf wus diawasake tekane,
sadurunge nyedhak para sadulure mau padha
sarujukan golek akal supaya bisaa mateni
Yusuf. 19 Anggone guneman mangkene: "Lah
kae delengen, si juru ngimpi kita teka! 20 Kang
iku payo padha dipateni lan dicemplungake
ing salah sijining sumur iku, nuli mengko
dikandhakake yen dimangsa kewan galak;
mengko kita bakal weruh kapriye kadadeane
impene iku." 21 Bareng Ruben krungu kang
kaya mangkono, sedyane arep nguwalake
Yusuf saka tangane para sadulure, pangucape:
"Aja nganti kita pateni ta!" 22 Pituture Ruben:
"Aja nganti ngwutahake getih, cemplungna
sumur kang ana ing pasamuwan kono bae!
Mung aja kokkapak-kapakake!" Iku pamurihe
supaya bisa ngluwari Yusuf saka tangane para
sadulure lan diulihake marang kang rama.
23 Kacarita bareng Yusuf lagi bae tekan ing
ngarepe para sadulure, tumuli diuculi jubahe,
iya jubah kang endah banget kang lagi dianggo
iku. 24 Banjur dilarak lan dicemplungake ing
sumur. Sumur mau asat, ora ana banyune.
25 Sawuse mangkono banjur padha mangan
kembulan. Bareng padha ndengengek, weruh
ing kadohan ana kapilah bangsa Ismael
kang teka saka Gilead, untane padha momot
damar, balsem lan blendok lod, arep digawa
menyang tanah Mesir. 26 Celathune Yehuda
marang para sadulure: "Untunge apa yen
kita mateni adhi kita lan ndhelikake getihe?
27 Payo padha didol bae marang wong Ismael
kae, nanging aja nganti kita kapak-kapakake,

marga iku sadulur kita, kulit daging kita.”
Sadulure padha manut kabeh. 28 Kacarita
nalika ana sudagar-sudagar Midian liwat,
Yusuf dientasake saka ing jero sumur, lan
didol marang wong Ismael, payu rong puluh
sekel salaka; Yusuf banjur digawa menyang
ing tanah Mesir. 29 Bareng Ruben mbaleni
sumur mau, tetela Yusuf wus ora ana ing jero
sumur, tumuli nyuwek-nyuwek panganggone.
30 Banjur mbaleni para sadulure, pangucape:
“Bocahe wus ora ana, lah aku menyang ngendi
paranku?”
31 Sawuse mangkono banjur padha njupuk
jubahe Yusuf lan nyembeleh wedhus, lan
jubahe dicelupake ing getihe. 32 Jubah kang
endah banget mau dikirimake katur kang
rama, kanthi diweling mangkene: “Punika
anggen kula sami manggih. Sumangga, bapak
kula aturi nitik, punika jubahipun ingkang
putra punapa sanes?” 33 Bareng Rama Yakub
niti-priksa jubah mau, nuli ngandika: “Iki
jubahe anakku, mesthi anakku wus dimangsa
ing sato galak lan wus disempal-sempal.”
34 Rama Yakub banjur nyuwek-nyuwek
jubahe, sarta ngagem bagor diubedake ing
bangkekane apadene gawe patangisan nganti
pirang-pirang dina, marga saka putrane
mau. 35 Para putrane kakung lan putri padha
sumedya nglipur, nanging ora kersa dilipur,
pangandikane: “Ora! Aku tetep sedhih, nganti
aku wus mudhun nusul anakku menyang
ing teleng palimengan.” Mangkono Rama
Yakub anggone muwuni Yusuf putrane.

36 Anadene Yusuf didol dening wong Midian
mau menyang ing tanah Mesir, marang Sang
Potifar, punggawane Sang Prabu Pringon,
panggedhening prajurit tamtama.

Caritane Yehuda lan Tamar

38:1-30

38 1 Kacarita nalika samana Yehuda lunga
ninggal para sadulure lan mondhok
ing omahe wong Adulam, jenenge Hira.
2 Ana ing kono Yehuda weruh anake wadon
wong Kanaan jenenge Syua, iku nuli diepek
somah lan banjur kumpul. 3 Wong wadon mau
temah ngandhut sarta nglairake anak lanang
kang dijenengake Er. 4 Sawuse mangkono
somahe mau banjur nglairake anak lanang
maneh dijenengake Onan. 5 Tumuli nglairake
anak lanang sapisan engkas, anake mau
dijenengake Syela. Anggone nglairake mau
nalika Yehuda pinuju ana ing Khezib.
6 Sawuse iku Yehuda nggolekake jodho Er
anake pembarep, jenenge Tamar. 7 Nanging
Er pembarepe Yehuda iku ora ndadekake
keparenge Sang Yehuwah, mulane dipateni
dening Sang Yehuwah. 8 Yehudah banjur
tutur marang Onan: "Kowe kumpula karo
tilas somahe kakangmu, iku epeken bojo,
kowe dadia gegentine kakangmu, supaya
kowe menehana turun marang kakangmu."
9 Nanging sarehne Onan ngreti yen turun
mau ora bakal dadi duweke dhewe, mulane
saben kumpul karo somahe kakangne,

wijine diruntuhake ing bumi, supaya aja
nganti nuwuhake turun kanggo kakangne.
10 Pratingkah mangkono mau ora ndadekake
keparenge Sang Yehuwah, mulane Onan
uga dipateni. 11 Yehuda banjur tutur marang
Tamar mantune: "Anggonmu dadi wulanjar iku
manggona ing omahe bapakmu bae, nganti
anakku Syela wus gedhe," marga osike atine
mangkene: "Aja nganti mati kaya kakangne
karo pisan." Tamar nuli lunga manggon ana
ing omahe bapakne.
12 Sawuse antara lawas somahe Yehuda
anake Syua ngajal. Bareng Yehuda wus
lipur, banjur lunga menyang Timna nunggoni
wong-wong kang padha mbathili wedhuse,
bebarengan karo Hira mitrane wong Adulam.
13 Tamar nuli diwartani mangkene: "Bapakmu
maratuwa lagi lunga menyang Timna perlu
mbathili wedhus." 14 Tamar banjur ngrucat
penganggone wulanjar, sarta kudhungan
nganti brukut, banjur mapan linggih ing
gapura Enaim ing dalan kang anjog ing Timna,
mulane mangkono awit weruh yen Syela wus
gedhe, mangka ora diomah-omahake dadi
sisihane Syela. 15 Yehuda bareng weruh Tamar
mau, dikira bangsane wanita tuna-susila,
marga ing raine dikudhungi. 16 Lakune banjur
marani wong wadon kang ana ing pinggir
dalan mau karo celathu: "Ayo, kowe arep
dakjak turu!" Awit ora ngreti yen wong wadon
iku mantune dhewe. Ature Tamar: "Kula
badhe panjenengan paringi punapa, manawi
kula panjenengan dhawuhi ndherek sare?"

[17] Wangsulane: “Kowe bakal dakkirimi cempe
siji.” Ature Tamar: “Nanging kula panjenengan
paringi cepengan, saderengipun panjenengan
ngintunaken ingkang panjenengan janjekaken
punika.” [18] Pitakone Yehuda: “Cekelan apa
kang kudu dakwenehake kowe?” Ature Tamar:
“Sesupe cap panjenengan tuwin kalung
punapa dene teken ingkang panjenengan asta
punika.” Iku iya tumuli diwenehake, banjur
diwori turu, temah ngandhut marga saka
Yehuda. [19] Sawuse mangkono Tamar banjur
ngadeg sarta lunga, ngrucat kudhunge lan
menganggo sandhangan wulanjar maneh.
[20] Yehuda tumuli ngirimake cempene
lumantar mitrane wong Adulam, kagawe
nebus barang cekelan saka tangane wong
wadon mau, nanging ora ketemu. [21] Banjur
takon marang wong ing sacedhake kono:
“Tiyang estri tuna-susila ingkang sabenipun
linggih wonten pinggir margi dhateng Enaim
ngriki punika, sapunika wonten pundi?”
Wangsulane kang ditakoni: “Ngriki boten
wonten tiyang estri tuna-susila!” [22] Wonge
banjur bali nemoni Yehuda, pangucape:
“Wonge wadon tuna-susila ora ketemu, malah
pangucape wong-wong ing sacedhake kono:
Ngriki boten wonten wanita tuna susila!”
[23] Yehuda banjur celathu: “Iya wis kareben
barange cekelan diepek, anggere ora gawe
wirangku kabeh bae! Cempe iki nyatane wus
dakkirimake, nanging kowe ora bisa ketemu
karo wonge wadon iku.”

[24] Kacarita watara telung sasi Yehuda
dikabari: “Tamar, putra mantu panjenengan
lampah bedhang, malah sampun ngandheg
anggenipun bebedhangan punika.” Yehuda
banjur ngucap: “Wonge gawanen metu,
supaya diobong!” [25] Bareng digawa metu,
wong wadon mau tumuli kongkonan wong
kandha marang maratuwane mangkene:
“Anggen kula ngandheg punika kaliyan
tiyang jaler ingkang gadhah barang-barang
punika.” Sarta ature maneh: “Sumangga ta
panjenengan titik, sinten ingkang gadhah
sesupe cap kaliyan kalung tuwin teken
punika?” [26] Anadene Yehuda ora pangling
marang barang-barang iku, tumuli celathu:
“Dudu aku, nanging wong wadon iku kang
bener, marga pancen ora dakolehake anakku
si Syela.” Lan sabanjure wong wadon mau wus
ora tau dicedhaki maneh.
[27] Kacarita nalika wus tumeka ing leke
anggone bakal nglairake anak, lah bayine
kang ana ing guwa-garba iku kembar. [28] Lan
sajrone nglairake, kelakon bayine salah siji
ngetokake tangane, iku banjur dicekel dening
bidhane, tangane ditaleni nganggo lawe abang
tuwa; bidhane tumuli ngucap: “Iki kang lair
dhisik!” [29] Nanging bareng tangane ditarik
lumebu maneh, banjur sadulure kang lair,
bidhane banjur ngucap: “Wah pancen rosa
temenan kowe, dene bisa ndhisiki metu!”
Mulane bocahe dijenengake Peres. [30] Sawuse
mangkono adhine kang tangane ana lawene

abang tuwa mau lair; dene iku dijenengake
Zerah.

Yusuf ana daleme Sang Potifar

39:1-23

39 [1] Anadene Yusuf wus digawa menyang
tanah Mesir, banjur dipundhut dening
Sang Potifar, abdi daleme Sang Prabu Pringon,
panggedhening prajurit tamtama, wong Mesir.
Anggone mundhut saka wong-wong Ismael
kang nggawa mrono. [2] Nanging Sang Yehuwah
nunggil kalawan Yusuf, temah dadi wong kang
tansah binarkahan ing sadhengah pagaweane,
sarta kelilan manggon ing daleme bendarane,
wong Mesir mau. [3] Bareng bendarane ngreti
yen Pangeran Yehuwah nunggil karo Yusuf,
sarta sabarang kang digarap tumindak becik,
[4] temahan Yusuf oleh sihe bendarane kepareng
dadi paladene. Malah nganti dipasrahi mengku
dalem lan dipracaya nguwasani sabarang
kagungane kabeh. [5] Mangka wiwit nalika
maringi pangwasa marang Yusuf mengku
dalem lan sakabehe barang kagungane mau,
Sang Yehuwah mberkahi daleme wong Mesir
iku, sabab saka Yusuf, satemah berkahe
Sang Yehuwah iku nyrambahi ing sabarang
kagungane kabeh, dadia kang ana ing dalem,
dadia kang ana ing pategalan. [6] Sabarang
kagungane kabeh dipasrahake marang
pangwasane Yusuf, lan marga saka kabiyantu
dening Yusuf Sang Potifar wus ora prelu ngatur

apa-apa maneh kajaba mung kang didhahar
piyambak.
Anadene Yusuf iku tindak-tanduke
ngresepake lan bagus rupane. [7] Bareng wis
sawatara mangsa, garwane bendarane mirsani
Yusuf kalawan kagungan sir, sarta ngandika:
“Ayo, turua karo aku!” [8] Nanging Yusuf ora
gelem lan matur marang bendarane putri:
“Sapunika bendara kawula boten prelu ngatur
punapa ingkang wonten ing salebeting dalem
punika malih, sarta sadaya kagunganipun
sampun dipun pasrahaken ing tangan kawula,
[9] malah ing salebeting dalem punika boten
wonten ingkang boten dipun pasrahaken
dhateng kawula, kajawi namung panjenengan
dalem; margi panjenengan dalem punika
garwanipun. Ingkang punika kados pundi
anggen kawula badhe nglampahi piawon
ageng makaten saha damel dosa dhateng
Gusti Allah?” [10] Lan sanadyan saben dina Yusuf
tansah dibujuk, ewasamono Yusuf ora nuruti
kang dadi karsane ndherek sare lan tumindak
nistha karo panjenengane.
[11] Wasana ing sawijining dina kelakon Yusuf
lumebu ing dalem arep nindakake pagawean,
mangka ing jero dalem kono pinuju ora ana
wong siji-sijia. [12] Bendarane putri tumuli
nggondheli klambine Yusuf kalawan ngandika:
“Ayo turu karo aku!” Nanging Yusuf ninggal
klambine ana ing astane bendarane putri
mau sarta lumayu metu. [13] Bareng bendarane
putri mirsa yen klambine Yusuf ditinggal ana
ing astane sarta wonge wus lumayu metu,

14 tumuli bengok-bengok nimbali abdi-abdine
kabeh, sarta dipangandikani: “Delengen!
Wong Ibrani iku dilebokake ing panggonanku
kene supaya aku padha dianggo dolanan. Iki
mau nyedhaki aku, arep awor turu karo aku,
nanging aku banjur bengok-bengok sarosaku.
15 Bareng krungu aku mbengok seru banget,
klambine ditinggal ana ing kene banjur
enggal-enggal lumayu metu.” 16 Klambine
Yusuf iku diselehake ana ing sandhinge nganti
sakondure bendarane. 17 Sang Potifar iya
diaturi uninga mangkono, ature: “Abdi tiyang
Ibrani ingkang panjenengan lebetaken mriki
punika murugi kula badhe dipun sembranani.
18 Nanging sareng kula bengok-bengok,
rasukanipun lajeng dipun tilar wonten
sandhing kula, sarta tumunten mlajeng
medal.” 19 Bareng bendarane midhanget
ature kang garwa: “Makaten lan makaten
pandamelanipun abdi panjenengan dhateng
kula,” temah bendarane muntab dukane.
20 Yusuf tumuli dicekel dening bendarane lan
dilebokake ing pakunjaran, papan kanggo
nahan wong-wong kang kaluputan marang
Sang Prabu. Kaya mangkono anggone Yusuf
kinunjara.

21 Nanging Sang Yehuwah nunggil kalawan
Yusuf, kaparingan sih lan diolehake ati saka
panggedhene pakunjaran. 22 Panggedhe
pakunjaran mau nganti mracayakake sakehe
tahanan marang pangreksane Yusuf, lan
sakehe pagawean kang kudu ditindakake ana
ing kono, iya Yusuf kang ngurus. 23 Panggedhe

pakunjaran wus ora ngawruhi apa-apa tumrap samubarang kang wus dipasrahake marang Yusuf, marga Sang Yehuwah nunggil kalawan Yusuf lan apa kang ditindakake iku dilestarekake dening Sang Yehuwah.

Impene lurah pangunjukan lan lurah dhaharan

40:1-23

40 [1] Kacarita sawuse lelakon mau, lurah pangunjukan lan lurah dhaharane Sang Raja ing Mesir padha keluputan marang gustine, yaiku raja ing Mesir mau.
[2] Temah banget dukane Sang Prabu Pringon marang punggawane kadhaton mau, marang lurah pangunjukan lan lurah dhaharan
iku. [3] Sakarone padha ditahan ana ing daleme panggedhe prajurit tamtama ana ing pakunjaran panggonane Yusuf katahan.
[4] Panggedhe prajurit mau banjur matah Yusuf ngladeni priyayi tahanan loro mau. Kaya mangkono priyayi loro mau anggone katahan nganti sawatara suwene.

[5] Ing sawijining bengi lurah sakarone padha ngimpi, impene dhewe-dhewe, iya iku lurah pangunjukan lan lurah dhaharane raja Mesir kang padha ditahan ana ing pakunjaran mau, anggone ngimpi tunggal sawengi, lan tegese
impen iya beda-beda. [6] Nalika esuke Yusuf teka mrono, banjur sumurup yen sakarone
lagi padha sedhih atine. [7] Yusuf banjur takon marang punggawane Sang Prabu Pringon

kang padha ditahan tunggal sapakunjaran
karo dheweke ana ing daleme bendarane
iku, ature: "Kenging punapa dinten punika
panjenengan kok sami katingal sedhih
makaten?" 8 Wangsulane lurah sakarone: "Aku
padha ngimpi, nanging ora ana wong kang
bisa nerangake tegese." Ature Yusuf marang
wong-wong mau: "Ingkang nerangaken
impen punika rak namung Gusti Allah
Sumangga, impen wau kula aturi nyariyosaken
dhateng kula!" 9 Lurah pangunjukan banjur
nyaritakake impene marang Yusuf, celathune:
"Ing sajroning impen mau aku werung wit
anggur ana ngarepku. 10 Wit anggur iku
ana pange telu, lagi bae anggone semi,
nuli iya metu kembange lan dhompolane
padha metokake woh kang mateng-mateng.
11 Dene gelas pangunjukane Sang Prabu
Pringon ana ing tanganku, woh anggur mau
banjur dakjupuk dakperes ana ing gelas
pangunjukane Sang Prabu Pringon lan gelase
nuli dakaturake ing astane Sang Prabu
Pringon." 12 Ature Yusuf: "Tegesipun impen
wau makaten: Pang tiga punika tigang dinten,
13 salebetipun tigang dinten punika Sang Prabu
Pringon badhe nginggahaken panjenengan,
saha mangsulaken panjenengan dhateng
kalenggahan panjenengan ingkang lami,
temah panjenengan badhe nyaosaken gelas
pangunjukan dhateng Sang Pringon kados
kala rumiyin nalika panjenengan ngasta lurah
pangunjukan. 14 Nanging, kula aturi enget
dhateng kula samangsa panjenengan sampun

manggih sakeca, mugi karsaa nandukaken
kasaenan dhateng kula, nglantaraken prakawis
kula punika dhateng Sang Prabu Pringon,
saha nyuwun tulung supados kawedalna
saking griya punika. [15] Awitdene kula punika
dipun colong dipun culik makaten kemawon
saking tanahipun tiyang Ibrani, saha wonten
ing ngriki kula inggih boten nate nglampahi
punapa-punapa, ingkang njalari kula pantes
dipun lebetaken ing luweng tutupan punika."

[16] Lurah juru among dhaharan bareng krungu
yen anggone negesi becik, banjur celathu
marang Yusuf: "Aku iya uga ngimpi, lah katone
aku nyunggi tenong sungsun telu isi dhaharan.
[17] Dene tenong kang dhuwur isi dhaharan
warna-warna kagem Sang Prabu Pringon,
olah-olahane juru masak; nanging tenong
kang daksunggi mau isine banjur dipangani
manuk." [18] Yusuf banjut mangsuli: "Makaten
tegesipun impen wau! Tenong sungsun tiga
inggih tigang dinten. [19] Salebetipun tigang
dinten punika Sang Prabu Pringon badhe
nginggahaken panjenengan dhateng papan
ingkang inggil, panjenengan badhe dipun
gantung ing cagak, saha peksi-peksi badhe
nedha daginging salira panjenengan."

[20] Kacarita bareng telung dinane, mbeneri
dina wiyosane Sang Prabu Pringon,
panjenengane nganakake pista kanggo para
punggawane, kabeh lurah pangunjukan lan
lurah dahaharan padha disengkakake sirahe ana
ing satengahe para abdi. [21] Lurah pangunjukan
dibalekake pangkate lawas, dadi kelakon

nyaosake gelas pangunjukan marang astane
Sang Prabu Pringon maneh. [22] Nanging lurah
dhaharan digantung, cocog kaya anggone
negesake Yusuf marang para lurah mau.
[23] Ewadene lurah pangunjukan iku ora kelingan
marang Yusuf, nanging lali.

Supenane Sang Prabu Pringon

41:1-36

41 [1] Kacarita sawuse let rong taun,
Sang Prabu Pringon supena, katone
panjenengane kaya jumeneng ana ing
sapinggire bengawan Nil. [2] Banjur ana sapi pitu
padha mentas saka bengawan, sawangane
becik lan awake lemu-lemu; tumuli padha
nyenggut ana ing sapinggire bengawan kono.
[3] Sawuse mangkono banjur ana sapi liyane
pitu, padha mentas saka ing bengawan Nil iku,
sawangane ala lan awake kuru-kuru, tumuli
padha mapan ana ing sandhinge sapi-sapi
sing dhisik mau ana ing pinggir bengawan.
[4] Sapi-sapi kang ala rupane lan kuru-kuru
awake mau banjur padha mangan sapi-sapi
kang becik lan lemu-lemu mau. Ing kono Sang
Prabu Pringon banjur wungu.

[5] Sawuse iku nuli sare maneh, banjur supena
kang kaping pindhone. Lah ana wulen gandum
pitu thukul saka dami siji, padha aos-aos lan
becik-becik rupane. [6] Nanging ora let suwe ana
wulen gandum pitu thukul, kuru-kuru lan alum
marga saka angin wetan. [7] Wulen kang kuru
mau banjur padha nguntal wulen kang aos

lan becik. Sang Prabu Pringon tumuli wungu,
mirsa yen kabeh mau mung supenan.
8 Bareng wayah esuk panggalihe judheg,
banjur utusan nimbali para sarjana lan
para wasis satanah Mesir, iku tumuli padha
dipangandikani bab supenane, nanging siji
bae ora ana kang bisa nerangake tegese. 9 Ing
kono lurah pangunjukan banjur munjuk marag
Sang Prabu Pringon, unjuke: "Ing dinten
punika kawula kengetan kalepatan kawula.
10 Nalika samanten Sang Prabu Pringon
duka dhateng para abdi, ngantos kawula
katahan wonten ing griyanipun pangageng
prajurit tamtama sesarengan kaliyan lurah
among dhaharan. 11 Ing satunggaling dalu
kawula kekalih ngimpi, inggih kawula dalah
lurah among dhaharan; impen lan tegesipun
piyambak-piyambak.
12 Wonten ing ngriku kawula sesarengan
kaliyan tiyang nem-neman bangsa Ibrani,
rencangipun pangageng prajurit tamtama
wau; punika kawula cariyosi impen kawula,
lajeng sampi dipun terangaken tegesipun
impen kawula piyambak-piyambak. 13 Dene
kalampahanipun inggih ceples kados
anggenipun nyukani katrangan, kawula
kawangsulaken dhateng padamelan lami, dene
lurah among dhahar kagantung."
14 Sang Prabu tumuli utusan nimbali Yusuf,
kang banjur enggal-enggal kawetokake
saka ing pakunjaran, nuli cukur lan salin
sandhangan, banjur sowan marang ing
ngarsane Sang Prabu Pringon. 15 Sang Prabu

Pringon tumuli ngandika marang Yusuf:
"Ingsun supena, nanging ora ana wong
siji-sijia kang bisa nyaosi katrangan bab
tegese, nanging ingsun midhanget bab sira,
anggonira mung krungu impene bae sira
tumuli bisa njarwakake." 16 Yusuf banjur
munjuk: "Dhuh, Sang Prabu Pringon, punika
sanes kawula, Gusti Allah ingkang badhe
paring pawartos bab karaharjan dhateng Sang
Prabu Pringon." 17 Pangandikane Sang Prabu
Pringon marang Yusuf: "Sajroning supena
ingsun jumeneng ana ing pinggire begawan
Nil; 18 lah nuli ana sapi pitu mentas saka
ing bengawan mau, awake lemu-lemu lan
becik-becik rupane, banjur padha nyenggut
ana ing pinggir bengawan kono. 19 Sawuse
mangkono tumuli ana sapi pitu liyane mentas,
padha gering-gering lan ala rupane, ana ing
satanah Mesir ingsun durung tau tumon sapi
kang alane kaya mangkono iku. 20 Nanging
sapi kang kuru lan ala iku banjur padha
mangsa sapi lemu kang dhisik mau. 21 Sawuse
sapi-sapi mau kalebu ing wetenge, iya ora
katara yen wus klebon, sawangane isih padha
bae kaya maune, ing kono ingsun banjur
nglilir. 22 Sabanjure ing sajrone supena ingsun
mirsani, ana wulen pitu thukul saka dami
siji, padha mentes-mentes lan becik rupane.
23 Banjur ana wulen pitu kang gering, kuru lan
geseng dening angin wetan. 24 Nanging wulen
kang garing mau banjur padha nguntal wulen
kang mentes-mentes mau. Prakara iki wus
suncaritakake marang para sarjana, nanging

siji bae ora ana kang bisa ngaturi katrangan
marang ingsun.”
[25] Yusuf tumuli munjuk marang Sang
Prabu Pringon: “Supenan dalem kekalih
punika tegesipun sami. Gusti Allah paring
uninga dhateng panjenengan dalem Sang
Prabu Pringon, punapa ingkang badhe dipun
tindakaken. [26] Menggah lembu pitu ingkang
sae punika ibaratipun pitung taun, saha wulen
gandum pitu ingkang sae punika inggih ugi
pitung taun; supenan kekalih punika sami.
[27] Dene lembu pitu ingkang kera lan awon
ingkang sami mentas kantun, ibaratipun inggih
pitung taun, sarta wulen gandum pitu ingkang
gabug saha geseng dening angin wetan
punika, ngibarati badhe wontenipun pailan
pitung taun. [28] Inggih kados unjuk kawula
dhateng Sang Prabu Pringon wau, Gusti Allah
sampun ngatingalaken dhateng Sang Prabu
Pringon punapa ingkang badhe enggal dipun
tindakaken. [29] Kauningana, gusti, pitung taun
ingkang badhe kalampahan punika badhe
mirah tedha ingkang kelangkung-langkung
ing sawradinipun tanah Mesir. [30] Nanging
sasampunipun punika badhe wonten pailan
pitung taun laminipun, ing ngriku tiyang-tiyang
Mesir sampun sami kesupen bab kaluberan
ingkang sampun, margi pailan wau badhe
damel risakipun nagari punika. [31] Kaluberan
ingkang kapengker sampun boten katawis
tilasipun wonten ing tanah punika, awit
saking pailan ingkang nusul wau langkung
dening awratipun. [32] Wondene supenan wau

dipun wangsuli ngantos rambah kaping
kalih punika kagem Sang Prabu Pringon
ateges: bilih prakawis punika sampun dados
keputusanipun Gusti Allah, saha Gusti Allah
temtu tumunten enggal badhe nindakaken.
33 Ingkang punika, dhuh Sang Prabu Pringon,
mugi karsaa matah salah satunggaling tiyang
ingkang lantip saha wicaksana, kadhawuhana
mengku satanah Mesir. 34 Kajawi punika Sang
Prabu Pringon ugi nindakna makaten: inggih
punika ngangkat para juru niti-priksa wonteng
ing nagari ngriki, saha karsaa mundhut
sapragangsalipun pamedaling tanah ing
salaminipun mangsa mirah tedha pitung taun
punika. 35 Sami kadhawuhana nglempakaken
sawarnining bahan tedha ing salebetipun
taun-taun sae ingkang badhe kalampahan
punika, saha nandhoa gandum ingkang dados
kagunganipun Sang Prabu Pringon, kasimpena
ing kitha-kangge tandhon tedha. 36 Kalayan
makaten sadaya bahan tedha wau lajeng
dados tandhon kangge kaperluaning nagari
punika salaminipun pailan pitung taun ingkang
badhe kalampahan wonten ing tanah Mesir,
supados nagari punika sampun ngantos risak
margi wontenipun pailan punika.”

Sang Yusuf ngasta pangwaos ing tanah Mesir

41:37-57

37 Atur pirembag kang mangkono iku
didhahar dening Sang Prabu Pringon dalah

sakehe para punggawane. [38] Sang Prabu
Pringon banjur ngandika marang para
punggawane: “Apa iya kita bisa nemu wong
kang kadunungan Rohing Allah kaya iki?”
[39] Sang Prabu Pringon tumuli ngandika marang
Yusuf: “Sarehne Gusti Alalh wus paring
sumurup marang sira, dadi ora ana wong
kang lantip lan wicaksana kaya sira. [40] Mulane
sira kang nguwasanana kadhatoningsun,
sarta sakehe para kawulaningsun kabeh
ngestokna prentahira, mung marga saka
dhampar iki bae anggoningsun ngungkuli
sira.” [41] Karomaneh pangandikane Sang Prabu
Pringon marang Yusuf: “Lah sira sunangkat
dadi kang mengku satanah Mesir kabeh.”
[42] Sang Prabu Pringon tumuli nglolos sesupune
cap saka astane banjur dianggokake ing
drijine Yusuf, sarta dianggoni sandhangan
mori alus lan gulune dikalungi kalung mas.
[43] Karodene ditunggangake ing kreta titihane
piyambak kang nomer loro, sarta ing ngarepe
ana kang alok-alok: “Hurmat!” Mangkono
anggone Yusuf diangkat dening Sang Prabu
Pringon dadi kang mengku satanah Mesir
kabeh. [44] Sang Prabu Pringon tumuli ngandika
marang Yusuf: “Ingsun iki Sang Prabu Pringon,
nanging ing satanah Mesir kene ora kena ana
wong kang tumindak apa-apa, kajaba saka
palilahira.” [45] Yusuf tumuli diparingi jeneng:
Zafnat-Paaneakh sarta diparingi Sang Putri
Asnat putrane putri Sang Potifera, imam ing
On, dadi garwane. Kaya mangkono Sang Yusuf
banjur wiwit nguwaosi satanah Mesir kabeh.

46 Sang Yusuf mbeneri yuswa telung puluh
taun nalika ngadhep ana ing ngarsane Sang
Prabu Pringon raja ing Mesir mau. Sang
Yusuf tumuli mundur saka ngarsane Sang
Prabu Pringon tindak ndlajahi satanah Mesir
kabeh. 47 Anadene sasuwene pitung taun
mangsane murah pangan iku pametune bumi
nganti tumpuk undhung, 48 Sang Yusuf banjur
nglempakake sarupane pangan sajrone pitung
taun kang luber iku, sarta pangan iku disimpen
ana ing kutha-kutha; saben kutha dianggo
nyimpen pangan pametune wewengkone
dhewe-dhewe. 49 Kaya mangkono Sang Yusuf
anggone tandho pangan kehe nganti kaya
wedhine sagara saka akehe, olehe ngetung
nganti mandheg, marga wus ora kena dietung
maneh.
50 Sadurunge tekan ing mangsa pailan,
Sang Yusuf wus kaparingan putra loro
patutan saka Sang Putri Asnat putrane Sang
Potifera, imam ing On. 51 Sang Yusuf maringi
asma marang putrane kang pembajeng:
Manasye, awit pangandikane: "Gusti Allah
wus ndadekakake aku lali marang sakabehe
kasusahanku lan kulawargane bapakku."
52 Dene kang nomer loro iku diparingi asma:
Efraim, awit pangandikane: "Gusti Allah wus
maringi anak marang aku ana ing nagaraning
kasangsaranku."
53 Bareng wus kelakon pitung taun mangsane
murah pangan ana ing tanah Mesir, 54 nuli
wiwit mangsa pailan pitung taun lawase, kaya
kang wus kapangandikakake dening Sang

Yusuf; satemah kabeh padha kambah paceklik,
mung sawratane tanah Mesir ana pangan.
55 Dene bareng wong satanah Mesir padha
kekurangan pangan, lan rakyat padha sambat
nyuwun pangan marang Sang Prabu Pringon,
Sang Prabu Pringon banjur ndawuhi marang
wong Mesir kabeh: “Padha maranana Yusuf,
nglakonana apa saprentahe marang sira!”
56 Pailan iku nyrambahi ing sajagad kabeh;
Sang Yusuf tumuli mbikak sakehe gudhang
patandhon lan nempurake gandum marang
wong Mesir, marga tanah Mesir iku sangsaya
banget anggone kambah pailan. 57 Karomaneh
wong saka ing ngendi-endi iya padha seba
marang ing ngarsane Sang Yusuf ing tanah
Mesir prelu nempur gandum, marga sajagad
kabeh kambah ing pailan nganti banget.

Sadhereke Sang Yusuf menyang Mesir

42:1-38

42 1 Bareng Rama Yakub midhanget kabar
yen ing tanah Mesir ana gandum,
banjur ngandika marang para putrane:
“Yagene kowe kok padha pandeng-pandengan
bae?” 2 Karomaneh pangandikane: “Aku
krungu kabar yen ing Mesir ana gandum, bok
kowe padha mrana, nempura gandum kanggo
kita, supaya kita padha bisa lestaria urip, aja
nganti mati.” 3 Sadhereke Sang Yusuf sapuluh
banjur padha budhal menyang Mesir nempur.
4 Nanging Yakub ora marengake Benyamin,
rayine Sang Yusuf, melu para sadulure,

sabab kagungan panggalih: “Bokmanawa
nemu alangan mengko.” 5 Dadi ing antarane
wong-wong kang padha nempur gandum mau
kalebu uga para putrane Israel, marga tanah
Kanaan uga wus kambah ing pailan.
6 Nalika iku Sang Yusuf wus jumeneng patih
ana ing nagara kono, lan iya panjenengane
iku kang nempurake gandum marang rakyat
ing kono kabeh. Dadi nalika para sadhereke
Sang Yusuf teka, iya kudu sowan ing ngarsane
klawan sumungkem ing bumi. 7 Bareng Sang
Yusuf mirsa para sadhereke, ora pangling,
nanging Sang Yusuf ethok-ethok ora ngretos,
malah disentak sarta dipangandikani: “Kowe
kabeh iku saka ngendi?” Ature kang kadangu:
“Saking tanah Kanaan, badhe nempur.”
8 Pancen Sang Yusuf ora pangling marang
para sadhereke, nanging para sadhereke
padha pangling marang panjenengane. 9 Sang
Yusuf tumuli kengetan marang supenane
ing bab para sadhereke. Bajur ngandika
maneh: “Kowe iku mesthi telik, tekamu mrene
arep nitik-nitik ngendi panggonan kang ora
dijaga.” 10 Ature para sadhereke: “Boten Gusti!
Sowanipun dalem punika namung badhe
nempur. 11 Kawula sdaya punika sami tunggil
bapa, sami tiyang temen, abdi dalem sanes
telik.” 12 Nanging pangandikane Sang Yusuf
marang para sadhereke: “Ora! Tekamu mrene
mesthi arep nelik nagara kene iki endi sing ora
dijaga.” 13 Ature para sadhereke: “Abdi dalem
punika tunggilipun kalih welas jaler sadaya,
sami tunggil bapa wonten ing tanah Kanaan,

nanging ingkang wuragil sapunika kantun
wontening panggenanipun bapa kawula, dene
ingkang setunggal sampun boten wonten."
14 Ing kono Sang Yusuf ngandika maneh: "Wus
cukup; kaya kang wus dakkandhakake mau,
kowe iku padha telik. 15 Ing bab prakara iki
kowe kudu katiti-priksa, demi sugenge Sang
Prabu Pringon, kowe mesthi bakal ora bisa
padha lunga saka ing kene, yen sadulurmu
wuragil iku ora teka mrene. 16 Salah siji
panunggalanmu konen marani adhimu, dene
liyane kari ana ing kene, ditahan; temah
tembungmu bakal ketitik, apa kowe pancen
temen; dene manawa ora, demi sugenge Sang
Prabu Pringon, mesthi kowe iku padha dadi
telik." 17 Para sadhereke Sang Yusuf kabeh
padha bebarengan kalebokake ing tahanan
telung dina lawase.
18 Bareng telung dinane Sang Yusuf ngandika
marang para sadhereke: "Kowe padha
nglakonana mangkene, supaya bisa urip,
aku bekti marang Gusti Allah. 19 Manawa
kowe pancen wont temen, salah sijine
panunggalanmu kareben kari ana ing tahanan
kene, nanging liyane muliha, nggawaa
gandum kanggo tamba luwene brayatmu!
20 Nanging adhimu kang wuragil iku sebakna
marang ing ngarepku, supaya kandhamu
iku katitika manawa bener lan kowe bakal
ora kaukum pati." 21 Para sadhereke banjur
padha rerasanan: "Iki nyata wohing dosa kita
marang adhi kita, kita rak padha kelingan
ta, nalika sesambat melas-asih marang kita,

nanging kita padha ora ngrewes, iya iku nalare
kita padha katekan karibedan iki.” 22 Ruben
tumuli mangsuli: “Biyen mula kowe rak wis
dakkandhani, aja gawe dosa marang bocah
iku, nanging kowe padha ora ngrungokake.
Saiki lah iya iki pepulihing getihe.” 23 Anadene
kang padha guneman mau ora weruh yen
Sang Yusuf iya ngretos, marga nganggo
lantaran juru basa. 24 Sang Yusuf banjur nilar
para sadhereke, tumuli muwun; sawuse iku
banjur wangsul sarta ngandikan maneh karo
para sadhereke. Simeon banjur dicekel saka
antarane lan dibanda kaweruhan ing sadulure
kabeh. 25 Sawuse iku Sang Yusuf banjur
dhawuh, bagore padha kaisenana gandum
lan dhuwite supaya dibalekake, siji-sijine ing
bagore dhewe-dhewe, sarta maneh supaya
padha diparingana sangu kanggo mulihe.

26 Gandume tumuli dimotake ing kuldine,
banjur padha mangkat saka ing kono.
27 Satekane ing pondhokan, bareng salah siji
mbukak bagore arep makani kuldine, nuli
weruh duwite ana ing jero bagor tumumpang
ing dhuwur gandum. 28 Celathune marang para
sadulure: “Dhuwitku dibalekake, delengen,
ana ing jero bagorku!” Ing kono kabeh padha
entek atine, padha pandeng-pandengan
kalawan dheg-dhegan sarta ngucap: “Apa bae
kang ditandukake Gusti Allah marang kita iki?”

29 Bareng wis tekan ing Kanaan ing daleme
Rama Yakub, kang rama, banjur padha
nyaritakake kabeh apa kang wus dialami,
ature: 30 Priyantun ageng ingkang nguwaosi

nagari ngrika punika, anggenipun ngandikani
kula kaliyan nyentak-nyentak, kula sami dipun
dakwa badhe nelik nagarinipun. 31 Nanging
kula lajeng sami matur: Kula punika tiyang
temen, sanes telik, 32 kula sasedherek
waunipun sadaya kalih welas sami tunggil
bapa, satunggal sampun boten wonten,
ingkang satunggal wuragil kantun wonten
griyanipun bapa kula ing tanah Kanaan.
33 Priyantunipun ingkang nguwaosi negari
ngrika lajeng ngandika malih: Anggonku
weruh yen kowe padha won temen iku titikane
mangkene: Salah sijine sadulurmu karia kene,
liyane muliha karo nggawa gandum kanggo
tamba luwene brayatmu. 34 Adhimu kang
wuragil gawanen mrene, dadi aku bakal weruh
yen kowe padha wong temen, dudu telik, nuli
sadulurmu mau bakal dakbalekake maneh
marang kowe, lan kowe bakal padha kalilan
ndlajahi tanah kene.”
35 Kacarita bareng bagore padha disuntak,
siji-sijine nemu kantonge dhuwit ana ing
bagore dhewe-dhewe; bareng padha weruh
buntelan dhuwit mau, kang rama dalah
putra-putra padha dheg-dhegan. 36 Rama
Yakub, kang ramane tumuli ngandika marang
para putrane: “Kowe iku padha njalari ilange
anak-anakku. Yusuf wus ora ana, Simeon
samono uga, saiki Benyamin arep kokgawa;
aku kang kabregan iku kabeh!” 37 Ruben
banjur matur marang kang rama: “Anak kula
jaler kalih sumangga kapejahana manawi
piyambakipun boten kula wangsulaken

dhateng rama. Sampun ta, kula aturi
masrahaken dhateng kula, mangke kula
ingkang badhe mangsulaken dhateng rama.”
38 Ewadene wangsulane Rama Yakub: “Anakku
mesthi ora bakal melu kowe mrana, awitdene
kakangne wus mati, adhine kari ijen, dadi
kowe kang padha njalari aku, kang wus
uwanen iki mudhun menyang ing teleng
palimengan marga saka susah.”

Sadherek-sadhereke Sang Yusuf menyang tanah Mesir kang kaping pindhone

43:1-34

43 1 Nanging pailan ing nagara kono
sangsaya ngedab-edabi. 2 Bareng
gandum olehe nempur para putra saka Mesir
wus entek dipangan, kang rama tumuli
ngandika: “Padha lungaa maneh nempur
sathithik kanggo kita!” 3 Yehuda banjur
matur: “Priyantun ageng punika welingipun
wantos-wantos: Poma kowe aja nganti ngaton
mrene maneh, manawa ora karo adhimu!
4 Ingkang punika manawi rama marengaken
adhi kula bidhal sareng kula, kula inggih sami
badhe mangkat bidhal nempur kagem rama.
5 Nanging manawi rama boten marengaken
tumut, kula sadaya inggih boten badhe bidhal,
margi priyantun ageng wau dhawuhipun
dhateng kula: Poma kowe aja nganti mrene
maneh, manawa adhimu ora kokajak bareng.”
6 Rama Israel banjur ngandika: “Yagene kowe
nganti padha gawe susahing atiku, ndadak

ngandharake marang panggedhe mau, yen
kowe isih padha duwe adhi maneh?” 7 Ature
para putra: “Priyagung punika ndhedhes-
ndhedhes dhateng kula sadaya tumrap kula
piyambak-piyambak dalah ahli waris kula,
pandangunipun: Apa bapakmu isih urip? Apa
kowe isih duwe adhi? Kula lajeng sami ngaturi
wangsulan ing saleresipun. Mila ngertos kula
saking pundi, bilih badhe wonten dhawuh:
Adhimu iku gawanen mrene!” 8 Yehuda banjur
matur marang Rama Israel, kang rama: “Lare
punika mugi dipun parengna pangkat sareng
kaliyan kula, tumunten sami badhe tata-tata
tuwin enggal pangkat, supados kula sami
lestantun gesang, sampun ngantos sami
ngalami pejah, inggih kula, inggih rama,
samanten ugi anak-anak kula. 9 Kula ingkang
nanggel pun adhi, rama mundhuta saking
kula, manawi ngantos boten kula aturaken
dhateng rama, saha kula papanaken wonten
ngarsanipun rama; kula ingkang nandhang
dosa dhateng rama ing salaminipun. 10 Manawi
kita boten rendhet makaten, mesthi sampun
sami wangsul kaping kalih.” 11 Ing kono
pangandikane kang rama marang para putra:
“Iya wis ta, manawa mangkono, kowe padha
nglakonana mangkene: Goleka pametune
tanah kene kang becik dhewe, wadhahana
ing bagormu, gawenen atur-atur marang
panggedhe Mesir mau, kayata: Rasamala
sathithik, anggi-anggi lan blendok lod, kemiri
lan woh saked. 12 Lan nggawaa dhuwit tikel,
dhuwit kang wus dibalekake ana ing jero

karungmu biyen iku gawanen mrana maneh,
bokmanawa kliru. 13 Adhimu ajaken, endang
enggal padha mangkata, balia marang ing
ngarsane panggedhe iku! 14 Gusti Allah
Kang Mahakuwaos muga karsaa ngosikake
panggalihe panggedhe mau satemah kowe
padha oleh kawelasan, supaya nglilanana
sadulurmu sijine karo Benyamin padha mulih
bareng salakumu. Dene mungguh aku iki,
manawa meksa kudu kelangan anak-anakku,
iya wis kareben kelangan."
15 Para putra banjur nglumpukake atur-atur
lan nggawa dhuwit tikel loro, Benyamin
diajak; sawuse tata-tata nuli padha mangkat
menyang Mesir, wasana padha seba marang
ing ngarsane Sang Yusuf. 16 Bareng Sang
Yusuf mirsa Benyamin ana ing satengahe
para sadhereke, tumuli dhawuh marang
kang nguwasani daleme: "Wong-wong iku
padha iriden mlebu menyang ing dalem,
nyembeleha kewan, endang cecawisa, awit
wong-wong iku mengko awan bakal padha
mangan bareng karo aku." 17 Abdi mau banjur
nglakoni kaya kang dadi dhawuhe Sang Yusuf,
sarta para sadhereke mau padha diirid lumebu
menyang ing daleme. 18 Ing kono kabeh
padha rumangsa wedi, awitdene padha diirid
lumebu menyang ing daleme Sang Yusuf,
anggone rerasanan mangkene: "Anggonku
padha digawa lumebu mrene iki, marga saka
dhuwit kang bali ana ing bagorku dhek biyen
kae, karsane aku arep dicekel didadekake
batur tukon lan kuldiku dipundhut." 19 Mulane

padha nyedhaki kang nguwasani daleme Sang
Yusuf, lan matur ana ngarep lawang dalem,
ature: [20] “Kula nuwun bendara, kala rumiyin
kula sampun sami mriki nempur bahan tedha,
[21] sareng kula wangsul dumugi ing pondhokan
sami mbikaki bagor, lah artanipun tiyang
satunggal-satunggalipun pinanggih wonten
ing bagoripun tumumpang wonten nginggil
saha boten kalong; dene sapunika arta wau
kula bekta mriki malih. [22] Kaliyan malih kula
inggih sami mbekta arta sanesipun kadamel
nempur; kula sami boten mangretos sinten
ingkang nglebetaken arta kula wonten ing
bagor wau.” [23] Wangsulane abdi mau: “Kula
aturi nyakecakaken kemawon, sampun ajrih!
Gusti Allah panjenengan saha Gusti Allahipun
ingkang rama ingkang ngangsalaken bandha
ingkang kapendhem ing bagor panjenengan;
arta panjenengan sampun kula tampeni.”
Sawuse mangkono Simeon banjur diwetokake
sarta digawa mrono ketemu karo para
sadulure.

[24] Bareng wus diirid mlebu menyang ing
daleme Sang Yusuf, tumuli diwenehi banyu,
supaya padha wisuh sikil; karodene kuldine
iya padha dipakani. [25] Tumuli padha nyawisake
atur-ature, karo ngenteni kondure Sang
Yusuf ing wayah awan; awitdene wus padha
ngerti yen bakal padha mangan ana kono.
[26] Sakondure Sang Yusuf, banjur disaosi
atur-atur gawane, kagawa lumebu menyang
ing dalem, lan padha sumungkem ing bumi
ana ing ngarsane. [27] Banjur padha didangu bab

kaslametane sarta pangandikane: “Bapakmu
kang wus tuwa kang kokcaritakake biyen
iku apa slamet? Apa isih urip?” 28 Ature
para sadhereke: “Abdi dalem bapa kawula
wilujeng, taksih gesang.” Banjur padha
jengkeng lan tumungkul. 29 Sang Yusuf bareng
mirsani Benyamin rayine, tunggil ibu, tumuli
ngandika: “Apa iku adhimu kang wuragil,
kang kokcaritakake marang aku biyen?” Sarta
ngandika maneh: “O, engger, Gusti Allah
muga ngganjara sihrahmat marang kowe.”
30 Sang Yusuf dumadakan nilar papan kono,
marga panggalihe ngeres lan karanta-ranta
saka kangene marang kang rayi, banjur
golek papan kanggo muwun, tumuli lumebet
ing kamar, muwun ana ing kono. 31 Sawuse
banjur suryan lan miyos, ngampet panggalihe
sarta ngandika: “Padha ladena dhaharan!”
32 Dhaharan banjur kaladekake, Sang Yusuf
disaosi piyambak, para sadhereke dhewe,
lan wong Mesir kang padha ndherek mangan
iya dhewe, marga wong Mesir iku ora kena
kembul mangan karo wong Ibrani, prakara
mangkono kalebu kanisthan tumrap wong
Mesir. 33 Lungguhe para sadhereke iku ana ing
ngarsane Sang Yusuf wiwit kang pambajeng
tumeka kang wuragil urut tuwa, temahan
para sadhereke padha pandeng-pandengan
klawan gumun. 34 Sang Yusuf banjur dhawuh
maringake dhaharan saka ing mejane
marang para sadhereke, nanging pandumane
Benyamin tikel lima tinimbang liyane.

Karodene padha ngombe lan suka rena bareng karo Sang Yusuf.

Tuwunge Sang Yusuf ilang lan ketemu maneh

44:1-17

44 [1] Sawuse mangkono Sang Yusuf banjur
dhawuh marang kang nguwasani
daleme, pangandikane: "Bagore wong-wong
iku isinana gandum ing sakuwate anggone
nggawa, lan dhuwite siji-sijine dokokna ing
jero bagor tumumpang ing dhuwure. [2] Lan
tuwungku, tuwung selaka iku dokokna ing
jerone bagore kang wuragil tumpangna ing
dhuwur dalah dhuwit patukone gandum."
Abdi mau iya banjur nglakoni apa sadhawuhe
Sang Yusuf. [3] Esuke bareng wus bangun
raina, para sadhereke Sang Yusuf dililani
budhal dalah kuldi-kuldine. [4] Nanging lagi
tekan sajabane kutha, durung adoh, Sang
Yusuf dhawuh marang abdi kang nguwasani
daleme: "Dienggal, wong-wong mau oyaken,
dene samangsa wus kecandhak padha
tuturana mangkene: Yagene kowe males ala
marang panggawa becik? [5] Iki rak tuwung
pangunjukane gustiku, lan kang adate kagem
mbebedhek? Ala temen pratingkahmu kang
mengkono iku."

[6] Bareng wus padha ketututan, iya banjur
dituturi kaya saprentahe Sang Yusuf. [7] Para
sadhereke Sang Yusuf banjur padha mangsuli:
"Kadospundi bendara kok ngandika makaten?

Tinebihna saking kula sadaya, manawi ngantos
nglampahana pratingkah kados makaten
punika! 8 Lah arta anggen kula manggih
wonten lebet bagor tumumpang ing nginggil,
sampun kula bekta wangsul saking tanah
Kanaan katur panjenengan, kados pundi dene
kula ngantos mendhet mas utawi salaka
saking dalemipun gusti panjenengan? 9 Sinten
ingkang pinanggih kanggenan tuwung punika,
mugi kapejahana, saha kula sadaya dadosa
abdinipun gusti kula.” 10 Pangucape utusan
mau: “Usulmu iku becik! Sapa kang ketemu
kanggonan tuwung, iku dadi budhakku,
lan liya-liyane padha ora salah.” 11 Tumuli
siji-sijine enggal ngudhunake bagore ana ing
lemah, sarta mbukaki bagore dhewe-dhewe.
12 Utusan mau banjur wiwit nggledhahi kanthi
njlimet, kawiwitan saka kang tuwa nganti
tumeka kang nom; wasana tuwunge ketemu
ana ing bagore Benyamin. 13 Tumuli kabeh
padha nyuwek panganggone, sarta siji-sijine
padha ngemoti kuldine maneh, banjur padha
bali menyang nagara.
14 Bareng Yehuda lan para sadulure padha
tekan ig daleme Sang Yusuf, Sang Yusuf isih
ana ing kono, tumuli padha sumungkem ing
bumi ana ing ngarsane. 15 Sang Yusuf banjur
ngandika marang para sadhereke: “Pratingkah
apa kang padha koklakoni iku? Apa kowe
padha ora ngreti, yen wong kaya aku iki mesthi
bisa mbedhek?” 16 Ature Yehuda: “Kawula
badhe munjuk punapa dhateng gusti kawula?
Punapa iangkang badhe kawula lairaken? Saha

kados pundi anggen kawula badhe ngleresaken
badan kawula? Gusti allah sampun melehaken
dhateng abdi dalem sadaya, lan kawula sami
dados abdinipun gusti kawula, inggih kawula
sadaya, inggih ingkang pinanggih kanggenan
tuwung punika.” 17 Nanging pangandikane
Sang Yusuf: “Iku adoha saka aku yen ta aku
nganti nindakake kang mangkono! Wong kang
ketemu kanggonan tuwung iku bae kang
dadi budhakku, nangging kowe kabeh muliha
menyang panggonane bapakmu kalawan
slamet.”

Yehuda mbelani Benyamin

44:18-34

18 Yehuda tumuli maju nyedhak sarta matur:
“Kawula nuwun, dhuh gusti, abdi dalem mugi
keparenga munjuk atur sakedhik wonten
ngarsanipun gusti kawula, saha mugi sampun
ngantos duka dhateng abdi dalem; amargi
panjenengan dalem punika sami kados
Sang Prabu Pringon. 19 Kala rumiyin gusti
kawula ndangu dhateng ingkang abdi: Apa
kowe isih padha duwe bapa utawa isih duwe
sadulur? 20 Kawula lajeng munjuk dhateng
gusti kawula: Inggih, abdi dalem taksih
sami gadhah bapa ingkang sampun sepuh,
sarta taksih wonten jejaka ingkang lairipun
nalika pun bapa sampun sepuh; kakangipun
sampun tilar donya, namung kantun satunggal
punika ingkang tunggil biyung, mila lare
wau sanget dipun tresnani dening bapa

kawula. [21] Panjenengan dalem tumunten
ngandika dhateng para abdi dalem: Adhimu
iku gawanen seba menyang ngarepku kene,
supaya aku bisa weruh. [22] Kawula lajeng
munjuk dhateng gusti kawula: Pun adhi temtu
boten saged nilar bapa kawula, saupami bapa
kawula katilar temtu nemahi pejah. [23] Ing
ngriku panjenengan dalem ngandika malih
dhateng para abdi dalem: Manawa adhimu
kang wuragil iku ora melu kowe mrene, kowe
padha ora kena sowan marang ing ngarsaku
maneh. [24] Wondene sareng kawula sampun
sami wangsul wonten ing ngajenganing abdi
dalem, bapakipun dalem, tumunten kawula
cariyosi menggah dhawuh pangandikanipun
gusti kawula. [25] Bapa kawula lajeng wicanten:
Padha balia maneh, nempura sathithik kanggo
kita. [26] Nanging kawula lajeng sami mangsuli:
Kula boten saged mrika malih. Manawi adhi
kula ingkang wuragil tumut, kula inggih badhe
mangkat mrika, margi kula boten kalilan
sowan dhateng ngarsanipun priyagung punika,
manawi adhi kula ingkang wuragil boten
tumut. [27] Abdi dalem bapa kawul atumunten
wicanten dhateng kawula: Kowe padha ngreti
yen bojoku iku anggone duwe anak karo aku
mung loro. [28] Kang siji wus lunga ora bali,
pangiraku: temtu wus ditubruk ing sato galak,
saprene aku wus ora weruh maneh. [29] Yen
bocah sijine iku padha kokgawa lunga pisah
karo aku, mangka ngalami kacilakan, dadine
kowe kang padha njalari aku kang wus uwanen
iki mudhun menyang ing teleng palimengan

marga saka cilaka. [30] Ingkang punika saupami
kawula wangsul ing ngajengipun abdi dalem,
bapa kawula, pun adhi boten tumut sareng
kaliyan kawula, mangka bapa kawula punika
boten saged gesang tanpa lare punika,
[31] temtu badhe kadadosan, manawi sumerep
pun adhi boten wonten, temtu lajeng nemahi
pajah, sarta kawula sasedherek ingkang njalari
abdi dalem bapa kawula ingkang sampun
uwanen punika mandhap dhateng ing teleng
palimengan margi saking sedhih. [32] Nanging
abdi dalem ingkang nanggel lare punika
wonten ing ngajengipun bapa kawula; atur
kawula makaten: Manawi pun adhi boten kula
antukaken wonten ing ngarsanipun bapak,
kula ingkang nandhang dosa dhateng bapak
ing salaminipun. [33] Milanipun sapunika mugi
abdi dalem kalilana kantun dados abdinipun
gusti kawula minangka gegentosipun lare
punika, sarta lare punika mugi keparengna
lumampah wangsul sareng kaliyan para
sadherekipun. [34] Awitdene kados pundi anggen
kawula saged lumampah wangsul pinanggih
bapa kawula, manawi lare punika boten tumut
sareng kaliyan kawula; kawula boten mentala
ningali kasisahan ingkang badhe tumempuh
dhateng bapa kawula.”

Sang Yusuf mblakakake sarirane marang para sadhereke

45:1-28

45 [1] Ing kono sang Yusuf wus ora kuwat
nahan panggalihe maneh ana ing
ngarepe kang padha sowan, banjur ngandika
seru: "Wong kabeh padha konen metu saka
ing kene!" Dadi ing ngarsane Sang Yusuf wus
ora ana wong siji-sijia, nalika panjenengane
mblakakake sarira marang para sadhereke.
[2] Sawuse mangkono Sang Yusuf banjur muwun
seru banget, nganti keprungu wong Mesir,
malah iya nganti keprungu para santanane
Sang Prabu Pringon. [3] Pangandikane Sang
Yusuf marang para sadhereke: "Aku iki
Yusuf, bapak apa isih sugeng?" Nanging
para sadhereke padha ora bisa ngaturake
wangsulan, marga saka wedi lan geter ana
ing ngarsane. [4] Sang Yusuf tumuli ngandika
maneh marang para sadhereke: "Padha majua
ta, nyedhaka mrene!" Tumuli padha maju.
Sarta dipangandikani maneh: "Aku iki Yusuf
adhimu, kang padha kok edol menyang tanah
Mesir. [5] Nanging saiki aja padha susah lan aja
nggrantes, awit saka anggonmu wus ngedol
aku mrene, awit Gusti Allah kang ngutus
aku ndhisiki kowe supaya mitulungi urip.
[6] Sabab nagara kene iki anggone katempuh
ing pailan wus rong taun, mangka bakale
isih limang taun engkas ora naa wong mluku
utawa panen. [7] Mulane Gusti Allah ngutus aku

ndhisiki kowe, supaya turunmu bisa lestari ana
ing bumi iki lan supaya kowe kapitulungana
urip, satemah panunggalanmu sabagean
gedhe bisa kapitulungan. 8 Dadine dudu kowe
kang akon aku mrene, nanging Gusti Allah,
Iya Panjenengane kang mrenahake aku dadi
ramane Sang Prabu Pringon, lan mengku
sakedhaton kabeh apadene nguwasani
tanah Mesir kabeh. 9 Dienggal padha balia
menyang ngarsane rama, lan matura
mangkene: "Piwelingipun ingkang putra
Yusuf makaten: Gusti Allah sampun ngangkat
kula dados ingkang nguwaosi satanah
Mesir sadaya, sumangga kula aturi rawuh
dhateng panggenan kula, sampun ngentosi
punapa-punapa. 10 Rama kula aturi dedalem
wonten ing tanah Gosyen celak kaliyan kula,
inggih rama dalah putra wayah, menda-menda
lan lembu tuwin sadaya kagunganipun rama.
11 Dene kula ingkang badhe nyekapi sadaya
kabetahanipun rama, awit pailan punika taksih
gangsal taun malih dangunipun, supados rama
sakulawarga sampun ngantos dhumawah
ing kamlaratan, punapa dene sadaya tiyang
ingkang ndherek rama. 12 Lah kowe lan adhiku
Benyamin wus padha ndeleng dhewe, yen
kang ngandhani kowe kabeh iki aku dhewe.
13 Marga saka iku ramaku critanana bab
kaluhuranku ana ing tanah Mesir kene, lan
sabarang kang wus padha kokdeleng nuli
dienggal ramaku dherekna mrene!" 14 Kang
rayi Benyamin banjur dirangkul gulune kanthi
muwun, sarta Benyamin iya nangis ana ing

astane Sang Yusuf. [15] Sang Yusuf banjur
ngarasi lan ngrangkuli para sadhereke klawan
muwun. Sawuse mangkono para sadhereke
lagi padha guneman karo Sang Yusuf.
[16] Nalika ana ing kedhatone Sang Prabu
Pringon keprungu pawarta, yen sadherek-
sadhereke Sang Yusuf padha teka, ndadekake
keparenge Sang Prabu Pringon dalah para
punggawane. [17] Sang Pringon banjur ngandika
marang Sang Yusuf: "Tutura marang para
sadulurira, padha nglakonana mangkene:
Kewanmu padha momotana lan endang
muliha menyang ing tanah Kanaan, [18] bapakira
lan brayatira padha boyongana lan sowana
mrene,ingsun bakal maringake apa kang
becik dhewe ing tanah Mesir, sira bakal
padha ngrasakake kemakmurane tanah kene.
[19] Sabanjure sira tampa dhawuh supaya
akona mangkene marang wong-wong mau:
Padha nglakonana mangkene: Anggawaa
kreta saka tanah Mesir kanggo anak-anakira
lan somahira, bapakira sira papaga mrana,
sarta endang sowana mrene! [20] Karomaneh
sira aja padha rumangsa owel ninggal
barang-barangira, awit apa kang becik dhewe
ing tanah Mesir iki bakal dadi darbekira."
[21] Para putrane Rama Israel tumuli padha
nglakoni mangkono, sarta padha diparingi
kreta dening Sang Yusuf miturut dhawuhe
Sang Prabu Pringon, uga padha diparingi
sangu kanggo ana ing dalan. [22] Karomaneh
siji-sijine diparingi panganggo sapangadeg
lan Benyamin diparingi telung atus dhuwit

salaka lan sandhangan limang pangadeg.
23 Kajaba iku kang rama iya dikirimi kuldi
lanang sepuluh, dimomoti barang-barang kang
becik dhewe ana ing Mesir, apamaneh kuldi
wadon sepuluh, dimomoti gandum, roti lan
sangu liyane kagem ramane ana ing dalan.
24 Sadhereke banjur padha dililani budhal,
sarta diweling mangkene: "Ana ing dalan aja
padha tutuh-tinutuh!"
25 Kaya mangkono anggone padha budhal
saka ing tanah Mesir lan banjur tekan ing
tanahh Kanaan, ing ngarsana Rama Yakub
kang rama. 26 Tumuli padha carita, ature:
"Yusuf taksih gesang, malah jumeneng
pangageng nguwaosi satanah Mesir sadaya!"
Nanging Rama Yakub ora maelu, marga
ora ngandel marang ature para putrane.
27 Nanging bareng wus diaturi sakehe
piwelinge Sang Yusuf, sarta bareng mirsani
kreta kintunane Sang Yusuf kanggo methuk,
semangate Rama Yakub, ramane dadi pulih
maneh. 28 Rama Israel ngandika: "Wus cukup,
anakku Yusuf isih urip! Aku arep mangkat lan
kepengin ketemu sadurunge aku mati."

Rama Yakub saputra-wayahe boyongan menyang ing tanah Mesir

46:1-34

46 1 Rama Israel banjur budhal dalah
sakagungane kabeh, bareng tindake
rawuh ing Bersyeba tumuli nyaosake kurban
sembelehan konjuk marang Allahe kang rama

Iskak. 2 Gusti Allah ngandika marang Rama
Israel sajroning wahyu ing wayah bengi,
dhawuhe: “Yakub, Yakub!” Unjuke: “Kawula
nuwun, kula.” 3 Pangandikane Gusti Allah:
“Ingsun iki Allah, iya Allahe bapakira, sira
aja wedi lunga menyang Mesir, awitdene ana
ing kana sira bakal Sundadekake bangsa
kang gedhe. 4 Ingsun piyambak kang nunggil
lakunira menyang Mesir lan uga kang bakal
ngirid lakunira bali maneh, karodene tangane
Yusuf kang bakal ngeremake mripatira.”
5 Rama Yakub tumuli tindak saka ing
Bersyeba, dene para putrane Rama Israel
kang mboyong Rama Yakub ramane, dalah
anak-somahe dhewe-dhewe padha nunggang
kreta kintunane Sang Prabu Pringon kang
dianggo mapag. 6 Karodene iya padha nggawa
raja-kayane lan barang darbeke, oleh-olehane
ana ing tanah Kanaan. Banjur kabeh wus
padha tekan ing tanah Mesir, yaiku Rama
Yakub lan satedhake kabeh, padha bebarengan
karo panjenengane. 7 Para putra lan wayahe
lanang lan wadon, satedhake kabeh padha
diboyongi menyang ing tanah Mesir.
8 Iki jenenge para putrane Rama Israel
kang padha teka ing Tanah Mesir, yaiku
Rama Yakub lan para tedhake: Pembajenge
Rama Yakub iku Ruben. 9 Anak-anake Ruben:
Henokh, Palu, Hezron lan Karmi. 10 Anak-anake
Simeon: Yemuel, Yamin, Ohad, Yakhin lan
Zohar, sarta Saul anake wong wadon Kanaan.
11 Anak-anake Lewi: Gerson, Kehat lan Merari.
12 Anak-anake Yehuda: Er, Onan, Syela, Peres

lan Zerah, nanging Er lan Onan wus padha
mati ana ing tanah Kanaan; lan anak-anake
Peres yaiku: Hezron lan Hamul. [13] Anak-anake
Isakhar: Tola, Pua, Ayub lan Simron. [14] Anak-
anake Zebulon yaiku: Sered, Elon lan Yahleel.
[15] Iku mau para turune Ibu Lea patutan saka
Rama Yakub ana ing Padan-Aram, samono
uga Dina putrane putri. Dadi putra wayahe
lanang wadon iku gunggunge kabeh telung
puluh telu. [16] Anak-anake Gad yaiku: Zifyon,
Khagi, Syuni, Ezbon, Eri, Arodi lan Areli.
[17] Anak-anake Asyer yaiku: Yimna, Yiswa,
Yiswi lan Beria, lan sadulure wadon jenenge:
Serah. Anak-anake Beria yaiku: Heber lan
Malkiel. [18] Iku mau anak-putune Zilpa, selir
anggone menehi Laban marang anake wadon
Lea; dadi Zilpa anggone patutan karo Yakub
iku gunggunge nembelas. [19] Putrane ibu
Rakhel garwane Rama Yakub, yaiku: Sang
Yusuf lan Benyamin. [20] Sang Yusuf ana ing
Mesir peputra Manasye lan Efraim, patutan
karo Sang Putri Asnat putrane putri Sang
Potifera imam ing On. [21] Anak-anake Benyamin
yaiku: Bela, Bekher, Asybel, Gera, Naaman,
Ekhi, Rosy, Mupim, Hupim lan Ared. [22] Iku
para putrane Ibu Rakhel patutan saka Rama
Yakub, kabeh gunggunge jiwa patbelas.
[23] Anake Dhan: Husim. [24] Anak-anake Naftali
yaiku: Yahzeel, Guni, Yezer lan Syilem. [25] Iku
anak-putune Bilha, yaiku selir anggone menehi
Pak laban marang Ibu Rakhel, anake wadon;
dadi Bilha olehe patutan karo Yakub iku
gunggunge jiwa pitu. [26] Sakehe wong kang

ndherek Rama Yakub menyang Mesir, yaiku
para putrane, kejaba somahe para putrane,
kabeh gunggunge sawidak nem. 27 Karodene
putrane Sang Yusuf kang miyos ana ing tanah
Mesir iku cacahe loro. Dadi brayate Rama
Yakub kang teka ing tanah Mesir iku kabeh
gunggunge pitung puluh.
28 Yehuda diutus dening Rama Yakub ndhisiki
tindake nemoni Sang Yusuf, supaya Sang
Yusuf nemoni kang rmaane ana ing tanah
Gosyen. Wasana lakune padha tekan ing
tanah Gosyen. 29 Sang Yusuf banjur dhawuh
ngrakiti kretane sarta tindak methukake kang
Rama Israel menyang Gosyen. Bareng wus
ketemu karo kang rama, banjur ngrangkul
janggane lan suwe pamuwune ana ing astane
Rama Yakub. 30 Rama Israel banjur ngandika
marang Sang Yusuf: "Wis, saiki aku trima
mati, dene wus bisa nyawang kowe lan
weruh yen kowe isih urip." 31 Sang Yusuf
tumuli ngandika marang para sadhereke lan
marang brayate kang rama: "Aku dakngadhep
marang Sang Prabu Pringon, ngunjuki uninga:
Sadherek kawula saha brayatipun bapa
kawula, ingkang manggen wonten ing tanah
Kanaan, sampun sami dhateng ing panggenan
kawula. 32 Wondene tiyang-tiyang punika
panggaotanipun sami angen menda, amargi
sami ngingah raja-kaya, sarta mendanipun
lembunipun, saha sadaya barang darbekipun
sampun sami dipun bekta. 33 Kang iku
samangsa kowe ditimbali Sang Prabu Pringon
sarta kadangu: Panggaotanmu apa? 34 Kowe

nuli munjuka: Abdi dalem punika sami ngingah raja-kaya wiwit alit mila ngantos sapriki, inggih kawula, inggih para leluhur kawula. Iku supaya kowe padha diparengna manggon ana ing tanah Gosyen." Awitdene wong Mesir iku nganggep nistha marang kabeh pangon wedhus.

Rama Yakub lan Sang Prabu Pringon

47:1-12

47 [1] Sawuse mangkono Sang Yusuf
banjur sowan ngunjuki uninga marang
Sang Prabu Pringon, unjuke: "Bapa kawula
kaliyan para sadherek kawula sampun sami
dhateng saking tanah Kanaan mbekta menda
saha lembunipun punapa dene sabarang
gadhahanipun sadaya, sapunika wonten ing
tanah Gosyen." [2] Para sadhereke ana lima
kang diajak ngadhep Sang Prabu Pringon.
[3] Sang Prabu Pringon tumuli ndangu marang
para sadhereke Sang Yusuf mau: "Apa kang
dadi panggaotanira?" Unjuke kang kadangu
marang Sang Prabu Pringon: "Abdi dalem
sami tiyang angen menda ugi para leluhur
kawula." [4] Karomaneh unjuke marang Sang
Prabu Pringon: "Dhateng kawula badhe
sami dados tiyang neneka wonten ing tanah
ngriki, margi sampun boten wonten pangenan
kangge menda-menda gadhahanipun dalem,
awitdene tanah Kanaan ngrika kambah pailan
ngedab-edabi, pramila abdi dalem mugi sami
kelilana manggen wonten ing tanah Gosyen."

[5] Sang Prabu Pringon banjur ngandika marang
Sang Yusuf: "Bapakira lan sadulurira padha
nekani sira, [6] tanah Mesir iki ngeblag tumrap
sira. Bapakira lan sadulurira tuduhana
panggonan kang becik dhewe, kareben
padha manggon ana ing tanah Gosyen.
Dene manawa sira weruh ing saantarane
panunggalanira ana kang trengginas, padha
sira dadekna pemimpin pangoning raja-kaya
kagunganingsun."
[7] Sang Yusuf tumuli uga ngirid kang Rama
Yakub sowan ing ngarsane Sang Prabu
Pringon. Rama Yakub nyuwunake berkah Sang
Prabu Pringon. [8] Pandangune Sang Prabu
Pringon marang Rama Yakub: "Sampeyan
sampun umur pinten taun?" [9] Unjuke Rama
Yakub marang Sang Prabu Pringon: "Etanging
taun-taun anggen kawula nglembara dados
tiyang neneka punika satus tigang dasa taun.
Cacahing taunipun gesang kawula namung
sakedhik, nanging kathah karibedanipun;
boten saged nututi umuripun para leluhur
kawula ing nalikanipun sami nglembara
dados tiyang neneka." [10] Rama Yakub tumuli
nyuwunake berkah Sang Prabu Pringon;
sawuse iku banjur mundur saka ngarsane Sang
Prabu Pringon. [11] Sang Yusuf tumuli mrenahake
pamanggone kang rama lan sadulur-sadulure,
padha diedumi wewenang nduweni bumi
ana ing kono, kaya kang kadhawuhake
dening Sang Prabu Pringon. [12] Karodene Sang
Yusuf nyekapi panggesangane kang rama,

sadherek-sadhereke lan sabrayate kang rama, miturut cacahe anak-anake.

Apa kang katindakake Sang Yusuf ing sajrone mangsa pailan

47:13-26

13 Ing saindenging nagara kono ora ana
pangan, marga pailane luwih dening abot,
nganti wong satanah Mesir lan satanah Kanaan
padha nglentere lan lemes dening pailan mau.
14 Sang Yusuf nuli nglempakake dhuwit kang
ketemu ana ing tanah Mesir lan ing tanah
Kanaan, yaiku dhuwit patukone gandum; dene
dhuwit-dhuwite mau digawa mlebu menyang
ing kratone Sang Prabu Pringon. 15 Bareng
ing tanah Mesir lan ing tanah Kanaan wus
ora ana dhuwit, wong-wong Mesir padha
seba marang ing ngarsane Sang Yusuf sarta
matur: "Kawula mugi panjenengan dalem
paringi tedha, punapa kawula kedah pejah
wonten ngarsa dalem ngriki? Margi sampun
sami boten gadhah arta malih." 16 Paring
wangsulane sang Yusuf: "Manawa wus padha
ora duwe dhuwit, raja-kayamu aturna, kowe
bakal dakwenehi pangan, minangka ijole
raja-kayamu." 17 Raja-kayane banjur padha
diaturake marang Sang Yusuf. Sang Yusuf
tumuli maringi pangan minangka ijole jaran,
pepanthan wedhus, pepanthan sapi apadene
kuldi; dadi setaun iku wong-wong mau padha
dicukupi pangane minangka ijole raja-kayane.
18 Sawuse kliwat setaun, wong-wonge banjur

padha seba maneh marang ngarsane Sang
Yusuf ing taun kang kapindhone, ature:
“Boten sisah kawula selak wonten ngarsanipun
gusti kawula, sarehning arta sampun telas,
sarta sawontenipun raja-kaya sampun
katur sadaya dhateng gusti kawula, dados
sampun boten wonten malih ingkang kawula
aturaken ing ngarsanipun gusti kawula, kejawi
namung badan kawula saha pasiten kawula.
19 Punapa kawula sami kedah pejah wonten
ngarsanipun gusti kawula, inggih kawula dalah
pasiten kawula? Panjenengan dalem mugi
karsaa mundhut badan saha pasiten kawula
kalintonana tedha, dene kawula dalah pasiten
kawula badhe lumados dhateng Sang Prabu
Pringon. Sarta malih panjenengan dalem mugi
karsaa maringi winih, supados kawula sami
gesang, sampun ngantos pejah, saha bumi ing
ngriki sampun ngantos dados cengkar.” 20 Sang
Yusuf banjur mundhut kabeh tanahe wong
Mesir dadi kagungane Sang Prabu Pringon,
awitdene siji-sijine wong Mesir padha ngedol
pategalane marga saka bangeting pailan
kang dialami. Kaya mangkono satanah kabeh
dadi kagungane Sang Prabu Pringon. 21 Dene
mungguh rakyate iku padha dimagawekake
wiwit saka wates sisih kene nganti tekan
wates sisih kana. 22 Mung bumi darbeke
para imam iku ora dipundhut, marga para
imam iku padha tampa cadhong tetep saka
Sang Prabu Pringon, sarta anggone padha
mangan saka peparinge Sang Prabu Pringon
iku, mulane padha ora ngedol palemahane.

[23] Sang Yusuf tumuli ngandika marang
rakyat mau: “Lah wiwit dina iki kowe dalah
palemahanmu wus daktuku dadi kagungane
Sang Prabu Pringon. Enya, iki winih, supaya
kowe bisa nyebari lemah iku. [24] Dene mungguh
pametune iku: sapralimane ladekna marang
Sang Prabu Pringon, dene kang patang
pralimane iku dadia pandumanmu kanggo
winih lan kanggo panganmu lan brayatmu
apadene anak-anakmu.” [25] Ature wong akeh
iku: “Panjenengan dalem ingkang mitulungi
gesang kawula, uger kawula sami manggih
sih wonten ing ngarsanipun gusti kawula,
kawula badhe nglampahi dados abdinipun
Sang Prabu Pringon.” [26] Mangkono dadine
pranatan iku ditetepake dening Sang Yusuf
dadi undhang-undhang kang lestari nganti
saprene tumrap bumine wong Mesir, yaiku
sapralimane pametune iku dadi kagungane
Sang Pringon, mung palemahane para imam
ora dadi kagungane Sang Prabu Pringon.

Wekasane sugenge Rama Yakub

47:27-31

[27] Anadene pamanggone Israel ana tanah
Mesir iku ana ing tanah Gosyen, lan padha dadi
pendhudhuk ing kono, sarta padha bebranahan
lan tangkar-tumangkar nganti dadi akeh
banget. [28] Rama Yakub ana ing tanah Mesir isih
kaparingan yuswa pitulas taun. [29] Nalika Rama
Israel wus ngarapake seda, banjur nimbali
kang putra Sang Yusuf, lan dipangandikani:

“Manawa aku oleh sihmu, bok tanganmu
tumpangna ing sangisore cethikku, sarta
sumpaha, yen bakal nandukake katresnan
lan kasetyan marang aku, yaiku: Aku aja
kokkubur ana ing tanah Mesir! 30 Aku kepengin
ana ing palereman amor karo para leluhurku.
Kang iku aku gawanen metu saka ing tanah
Mesir lan kuburen ana ing pasareane.”
Ature Sang Yusuf: “Kula badhe ngestokaken
sadhawuhipun rama.” 31 Pangandikane Rama
Yakub: “Kowe sumpaha!” Sang Yusuf banjur
supaos ana ing ngarsane. Rama Israel banjur
sujud madhep ing pasareane kang sisih
dhuwur.

Rama Yakub mberkahi Manasye lan Efraim

48:1-22

48 1 Kacarita sawuse lelakon iku mau Sang
Yusuf kaaturan uninga: “Rama dalem
gerah!” Sang Yusuf tumuli ngajak putrane loro,
Manasye lan Efraim. 2 Bareng Rama Yakub
diaturi uninga: “Lah punika ingkang putra
Sang Yusuf rawuh martuwi panjenengan.”
Rama Israel tumuli ngiyat-ngiyatake sarirane
lan lenggah ana ing pasareane. 3 Rama Yakub
banjur ngandika marang Sang Yusuf: “Gusti
Allah Kang Mahakawasa, wus ngatingali aku
ana ing Lus ing tanah Kanaan lan mberkahi
aku, 4 sarta aku dipangandikani: Lah sira
bakal Sundadekake bebranahan lan tangkar-
tumangkar, sarta Sundadekake gegolonganing
bangsa. Apadene turunira bakal Sunparingi

tanah iki dadi ebeke ing salawas-lawase.
5 Kang iku anakmu loro kang laire patutan
karo kowe ana ing tanah Mesir, sadurunge aku
teka mrene, iku padha dadia anakku; Efraim
lan Manasye dadia anakku padha kaya Ruben
lan Simeon. 6 Nanging turunmu kang laire
sawuse iku, tetepa dadi duwekmu, nanging
bab anggone tampa warisan kagolongna atas
jenenge sadulure loro mau. 7 Dene mungguh
aku iki, nalika tekaku saka ing Padan, kepaten
Rakhel ana ing tanah Kanaan ing dalan kang
wus ora pati adoh karo Efrata, nuli dakkubur
ana ing kono, ing pinggir dalan kang anjog ing
Efrata," -- iya iku Betlehem.
8 Nalika Rama Israel mirsani para putrane
Sang Yusuf, tumuli ndangu: "Iku sapa?" 9 Ature
Sang Yusuf marang kang rama: "Punika anak
kula peparingipun Gusti Allah wonten ing
ngriki." Pangandikane Rama Yakub: "Cedhakna
ing ngarepku kene, arep dakwenehi berkah."
10 Nanging paningale Rama Israel wus lamur
marga saka sepuhe, dadi wus ora bisa mirsani
kanthi cetha. Sawuse padha dicedhakake ana
ing ngarsane, banjur diarasi sarta dirangkuli.
11 Rama Israel banjur ngandika marang Sang
Yusuf: "Aku ora nyana yen bakal bisa ndeleng
kowe maneh, nanging saiki Gusti Allah malah
marengake aku ndeleng turunmu uga."
12 Sang Yusuf banjur ngundurake putrane saka
ing antarane jengkune kang rama, banjur
tumungkul sungkem ing bumi. 13 Nuli putra
sakarone padha diasta dening Sang Yusuf,
Efraim ing asta tengen, madhep ing sisih

kiwane kang rama, lan asta kiwa ngasta
Manasye, kaprenah ing tengene kang rama,
banjur dicedhakake ing ngarsane. 14 Nanging
Rama Israel anggone ngulungake astane
tengen ditumpangake ing sirahe Efraim,
sanadyan iku kang nom, lan astane kiwa ing
sirahe Manasye, dadi anggone numpangake
astane kagawe trajangan, mangka Manasye
iku kang pembajeng. 15 Tumuli mberkahi
marang Sang Yusuf:

"Eyangku lan ramaku, Eyang Abraham lan
Rama Iskak,
tansah ngabekti marang Gusti Allah.
Iya Gusti Allah iku kang dadi pangenku
sajegku urip tekan saiki.
16 Sang Malaekat kang wus
nguwalake aku saka sarupaning bebaya,
muga karsaa mberkahi bocah-bocah anom
iki,
supaya dadia jalarane jenengku sarta
asmane eyangku lan ramaku,
iya Eyang Abraham lan Rama Iskak
dadi misuwur marga saka bocah-bocah iki,
sarta padha ngambra-ambra
nganti dadi akeh banget ana ing bumi."

17 Bareng Sang Yusuf mirsa yen kang rama
anggone numpangake astane tengen ana ing
sirahe Efraim, iku kawawas kurang prayoga,
mulane nyepeng astane kang ramane, arep
dielih saka sirahe Efraim menyang sirahe
Manasye. 18 Ature Sang Yusuf marang kang
ramane: "Sampun makaten, rama, awitdene
punika ingkang pembajeng, astanipun rama

ingkang tengen mugi katumpangna ing
sirahipun.” [19] Nanging kang rama ora karsa,
pangandikane: “Aku wus weruh engger! Iya
wus weruh aku; iku iya bakal dadi bangsa
lan gedhe pangwasane, ewasamono adhine
bakal ngungkuli kakangne, lan turune adhine
bakal dadi golonganing bangsa kang gedhe.”
[20] Bocah loro mau tumuli diberkahi ing dina iku,
pangandikane: “Kalawan nyebut jenengmu
Israel anggone bakal padha andum berkah,
tembunge: Gusti Allah muga ndadekna kowe
kaya Efraim lan Manasye.” Mangkono dadine
Efraim diprenahake ing ngarepe Manasye.
[21] Sawuse mangkono Rama Israel banjur
ngandika marang Sang Yusuf: “Lah ora suwe
maneh aku bakal mati, nanaging Gusti Allah
bakal nunggil karo kowe lan kowe bakal padha
diulihake menyang tanahe leluhurmu. [22] Lan
kowe dakpandumi ngluwihi para sadulurmu,
gegere gunung kang dakrebut saka ing
tangane wong Amori sarana pedhang lan
panahku.”

Pangandikane Rama Yakub kang wekasan marang para putrane

49:1-28

49 [1] Sawuse mangkono Rama Yakub banjur
nimbali para putrane sarta ngandika:
“Padha nglumpuka, kowe arep dakkandhani
apa kang bakal kokalami ing tembe buri.

2 Padha nglumpuka lan rungokna, he para anake Yakub, rungokna tembunge Israel bapakmu.
3 Ruben, kowe iku pembarepku,
kekuatanku lan wiwitaning karosanku,
kang pinunjul ing kaluhuran,
kang pinunjul ing kabisan,
4 kang mbludag kaya banyu,
temah wurung anggonmu dadi kang linuwih dhewe,
marga kowe wus nunggahi paturone bapakmu;
wektu iku kowe ngrusak kasucene.
Paturonku diunggahi.
5 Simeon lan Lewi iku padha sadulur,
gegamane awujud pangroda-peksa.
6 Nyawaku aja nganti katut ing pasarujukane,
atiku aja kelu marang paguyubane,
awitdene saka nepsune, nganti padha mateni wong
lan saka kamurkane padha ngethoki ototing dhengkule sapi.
7 Nepsune kenaa ing ipat-ipat,
awitdene nepsune iku kebangeten,
kenaa ing ipat-ipat brangasane,
awitdene iku siya-siya.
Padha arep dakpencar ana ing antarane bani Yakub
lan daksebar ana ing antarane turune Israel.
8 Yehuda, kowe iku bakal dialembana dening sadulur-sadulurmu,

tanganmu bakal nyekeli cengele
mungsuhmu,
anak-anake bapakmu bakal padha
tumelung ana ing ngarepmu.
9 Yehuda iku kaya anak singa,
sawuse nubruk memangsan, banjur
munggah ing papan kang dhuwur,
anakku engger!
Lagi ndhekem lan njerum kaya anak singa
lanang utawa kaya singa wadon,
sapa kang wani nangekake?
10 Tekene keprabon bakal ora ngalih saka
Yehuda,
utawa lambanging paprentahan saka ing
antarane sikile,
nganti tumeka rawuhe Sang Silo,
kang bakal disuyudi bangsa-bangsa.
11 Kuldine bakal dicancang ana ing wit anggur
lan belone ana ing wit anggur pilihan.
Sandhangane dikumbah nganggo anggur
lan jubahe ing duduhe woh anggur.
12 Mripate abang dening dayane anggur
lan untune putih dening dayane susu.
13 Zebulon bakal manggon ana ing pinggir
sagara,
bakal dadi pelabuhaning prau,
tapel watese ing tlatahe Sidon.
14 Isakhar iku kaya kuldi kang kuwat
balungane,
kang ndhekem kaapit ing momotane,
15 bareng weruh yen papan palerenane
kepenak lan negarane nyenengake,

banjur mendhakake gegere nuli nggawa
momotan,
sabanjure dadi wong kang kena ing
pagawean peksan.
16 Anadene Dhan iku bakal ngadili bangsane
kayadene salah sijine taler Israel.
17 Muga-muga Dhan iku kaya ula ana ing
dalan,
kaya ula bedhudhak ana ing lurung
kang nyakot tungkake jaran,
nganti sing nunggang tiba kegeblag.
18 Dhuh Yehuwah, kawula ngantos-antos
dhateng kawilujengan ingkang saking
Paduka.
19 Gad iku bakal ditempuh dening grombolan,
nanging bakal genti nempuh tungkake.
20 Mungguh Asyer iku pangane bakal
mubra-mubru,
malah bakal leladi dhaharane raja-raja.
21 Naftali iku kaya menjangan wadon
umbaran,
iku bakal nglairake tetembungan kang
manis-manis.
22 Yusuf iku kaya wit wowohan kang nom,
wit wowohan kang nom ana ing pinggir
sendhang.
Pang-pange padha ngungkuli pager
tembok.
23 Sanadyan bala-pamanah mbeda,
padha manah lan nempuh,
24 nanging panahe tetep kuwat,
lan tangane padha tetep cukat

marga saka pitulungane Kang Mahasantosa,
Pangayomane Yakub,
marga saka pangone Gunung Parange
Israel,
25 marga saka Allahe bapakmu kang bakal
mitulungi kowe,
lan marga saka Kang Mahakawasa kang
mberkahi kowe,
klawan berkah kang luber saka ing langit
dhuwur,
berkah saka telenging samodra kang ana
ing ngisor,
berkah saka ing payu-dara lan guwa-garba.
26 Berkahe bapakmu iku ngungkuli berkahe
gunung-gunung wiwit jaman biyen,
yaiku kang luwih dening ngresepake
ana ing tengger-tengger kang wus
pirang-pirang abad anane;
kabeh mau bakal tumurun ana ing sirahe
Yusuf,
ing embun-embunane wong kang linuwih
ana ing antarane para sadulure.
27 Benyamin iku kaya asu ajag nyenyempal,
ing wayah esuk ngganyang memangsan
lan ing wayah sore andum rayahane."
28 Iku kabeh talere Israel, cacahe rolas; lan
iya iku mau kang dipangandikakake dening
kang rama, nalika padha diberkahi; siji-sijine
kaparingan berkah dhewe-dhewe.

Rama Yakub seda lan kasarekake

49:29--50:14

29 Sawuse mangkono Rama Yakub banjur
meling marang para putra wayahe: "Samangsa
aku wus diklumpukake karo para leluhurku,
aku kuburen awor karo para leluhurku ana
ing guwa kang ana ing ara-ara duweke Efron
wong Het, 30 ing guwa ing ara-ara Makhpela
sawetane Mamre ing tanah Kanaan, kang wus
dipundhut dening Eyang Abraham saka Efron
wong Het mau, kanggo pakuburan pamijen.
31 Iya ana ing kono anggone nyarekake Eyang
Abraham lan Eyang Sara garwane, iya ing
kono sumarene Rama Iskak lan Ibu Ribkah
garwane, 32 lan uga ana ing kono anggonku
metak Lea. Ara-ara dalah guwane kang ana
ing kono iku wus katuku saka wong bani Het."
33 Sawuse Rama Yakub rampung anggone
memeling marang para putrane, tumuli
ninggahake sampeyane ana ing pasarean,
banjur seda, kaklumpukake karo para leluhure.

50 1 Sang Yusuf tumuli nyungkemi
wadanane kang rama karo muwuni lan
ngarasi. 2 Lan banjur dhawuh marang para
abdine dhukun-dhukun, ndikakake njebadi
layone kang rama; para dhukun mau iya
tumuli njebadi layone Rama Israel. 3 Prakara
iku rampunge nganti patang puluh dina, awit
iya mesthi samono suwene wong njebadi
layon iku, lan wong Mesir anggone nata
patangisan nganti pitung puluh dina lawase.

4 Bareng wus tutug dinane patangisan mau,
Sang Yusuf banjur ngandika marang para
abdi ing kedhatone Sang Prabu Pringon:
“Manawa aku oleh sihmu, bok iya aku padha
koktembungake ana ing ngarsane Sang
Prabu Pringon, mangkene: 5 Kawula sampun
dipun tedhani sumpah dening bapa kawula,
piwelingipun makaten: Ora suwe maneh aku
mesthi mati; anggonmu metak aku anaa ing
pakuburan olehku ndhudhuk ana ing tanah
Kanaan. Milanipun sapunika kawula mugi
keparenga kesah metak bapa kawula, nunten
wangsul malih.” 6 Pangandikane Sang Prabu
Pringon: “ Sira sunparengake lunga metak
bapakira, kaya anggone wus njaluk sumpah
marang sira.” 7 Sang Yusuf banjur tindak mrana
nyarekakake kang rama, sarta kadherekake
sakehe para abdine Sang Prabu Pringon,
para panggedhene kedhaton lan sakehe para
panggedhene tanah Mesir, 8 mangkono uga
brayate Sang Yusuf, para sadhereke apadene
brayate kang rama; mung anak-anake kang
isih cilik, wedhuse lan sapine padha ditinggal
ana ing tanah Gosyen. 9 Karomaneh iya
didherekake wong-wong kang nunggang
kreta lan nunggang jaran, satemah awujud
arak-arakan kang dawa banget. 10 Bareng wus
tekan ing Goren-Haatad, kang kaprenah ing
sabrange bengawan Yarden, banjur nganakake
patangisan kang banget nrenyuhake lan luwih
gedhe, nganti pitung dina anggone Sang Yusuf
nganakake patangisan, marga saka kang rama
mau. 11 Bareng pendhudhuk tanah kono yaiku

para wong Kanaan weruh upacara patangisan
ana ing Goren-Haatad, iku banjur padha
sapocapan: “Yaiki upacara patangisane wong
Mesir kang rame banget.” Mulane panggonan
kono mau diarani: Abel-Mizraim, kaprenah ana
ing sabrange bengawan Yarden. 12 Anadene
para putrane Rama Yakub padha nglakoni
kaya anggone kadhawuhan. 13 Para putrane
padha nggotong layone kang rama menyang
ing tanah Kanaan, disarekake ana ing guwa
Makhpela, kang wus dipundhut Rama Abraham
saka Efron, wong Het, kanggo pasarean
pamijen, yaiku ara-ara ing sawetane Mamre.
14 Sawuse rampung anggone nyarekake
kang rama, Sang Yusuf banjur kondur
menyang Mesir, iya panjenengane, iya para
saherek-sadhereke dalasan wong-wong kang
padha ndherekake tindake anggone nyarekake
kang rama mau.

Sang Yusuf nglipur para sadhereke

50:15-21

15 Para sadhereke Sang Yusuf bareng weruh
yen kang rama wus seda, tumuli padha
sapocapan: “Mesthine Yusuf ngendhem sengit
lan arep males ukum marang piala kang
wus padha kita tandukake.” 16 Mulane banjur
kongkonan marang Sang Yusuf, ature: “Rama
dalem saderengipun seda, sampun meling
makaten: 17 Kowe padha matura marang
Yusuf: Panjenengan dalem mugi ngapunten
kalepatan saha dosanipun para sadherek

dalem, anggenipun sampun sami nandukaken
piawon dhateng panjenengan dalem; mila
sapunika panjenengan dalem mugi ngapunten
kalepatanipun para ingkang ngabekti dhateng
Allahipun rama dalem!" Sang Yusuf muwun
nalika diaturi mangkono iku. [18] Para sadhereke
iya tumuli padha seba dhewe lan sumungkem
ana ing ngarsane sarta matur: "Lah punika
kawula sadaya, sami sowan, sami sumedya
dados abdi dalem." [19] Nanging pangandikane
Sang Yusuf: "Aja padha wedi, apa aku iki
dadi sulihe Gusti Allah? [20] Pancen kowe padha
ngrantam kang ala marang aku, nanging iku
dicipta malih dadi becik dening Gusti Allah,
supaya banjur nindakake kang kelakon ing
dina iki, mitulungi urip marang bangsa kang
gedhe. [21] Mulane aja padha wedi, aku kang
bakal nyukupi panganmu lan uga pangane
anak-anakmu." Mangkono Sang Yusuf anggone
nglipur, padha dipangandikani kang ndadekake
tentreming atine.

Sang Yusuf seda

50:22-26

[22] Anadene Sang Yusuf iku tetep pamanggene
ana ing tanah Mesir dalah kulawargane,
yuswane Sang Yusuf iku nyandhak satus
sepuluh taun. [23] Sang Yusuf menangi
anak-putune Efraim nganti turun ketelu,
karodene anak-anake Makhir, anake Manasye,
laire padha ana ing pangkone Sang Yusuf.
[24] Sang Yusuf banjur ngandika marang para

sadhereke: "Ora suwe maneh aku bakal mati,
nanging Gusti Allah mesti bakal ngreksa
kowe, lan kowe bakal padha diangkatake
saka ing tanah kene menyang tanah kang
wus diprasetyakake kalawan sumpah marang
Eyang Abraham, Iskak lan Yakub." 25 Sang
Yusuf tumuli mundhut sumpahe para putrane
Rama Israel, pangandikane: "Gusti Allah
mesthi bakal mitulungi kowe; ing waktu
iku, balung-balungku padha angkaten saka
kene." 26 Sang Yusuf banjur seda, yuswane
satus sepuluh taun; layone banjur dijebadi
kalebetake trebela ana ing tanah Mesir.

PANGENTASAN

Wong Israel dikuya-kuya ana ing tanah Mesir

1:1-22

1 [1] Iki jenenge para putrane Rama Israel
kang padha teka ing tanah Mesir, tekane
ndherek Rama Yakub; siji-sijine karo brayate:
[2] Ruben, Simeon, Lewi lan Yehuda, [3] Isakhar,
Zebulon lan Benyamin, [4] Dhan lan Naftali,
Gad lan Asyer. [5] Turune Rama Yakub iku
gunggunge kabeh ana pitung puluh, nanging
Sang Yusuf wus ana ing tanah Mesir. [6] Sang
Yusuf tumuli seda, dalah para sadhereke lan
kabeh barakane. [7] Wong Israel banjur padha
bebranahan lan ora kena dietung cacahe;
mundhak dadi akeh matikel-tikel, nganti
ngebaki nagara.

[8] Nuli ana raja anyar kang jumeneng mengku
tanah Mesir, kang ora mirsa bab Sang Yusuf.
[9] Iku banjur ngandika marang para kawulane:
"Bangsa Israel iku akeh banget, cacahe nganti
ngungkuli kita. [10] Mulane payo padha golek
rekadaya, supaya aja nganti wuwuh akeh
maneh lan saupama ana peperangan aja nganti
mbiyantu mungsuh kita, sarta merangi kita,
banjur minggat saka nagara kene." [11] Mulane
tumuli ngangkat pemimpin-pemimpin wong
nyangga karya kang kadhawuhan nglurahi

lan nindhes wong Israel kanthi matrapi
pagawean peksan, didhawuhi ngedegake
kutha Pitom lan Raamses kanggo gedhong
patandhone Sang Prabu Pringon. 12 Nanging
sanadyan panindhese mundhak dina mundhak
abot, ewasamono malah saya wuwuh lan
tangkar-tumangkar, temahan wong padha
rumangsa wedi marang wong Israel. 13 Wong
Mesir anggone ngetrapi pagawean marang
wong Israel banjur kanthi daksiya, 14 uripe
digawe nandhang pait-getir sarana pagawean
kang abot banget, yaiku nggarap lempung lan
gawe bata, pagawean warna-warna ana ing
ara-ara, ringkese: sarupane pagawean kang
ditrapake kanthi peksan dening wong Mesir.
15 Sang Raja ing Mesir uga dhawuh marang
bidhan-bidhan kang nulungi wong wadon
Ibrani, kang siji jenenge Sifra sijine Pua,
pangandikane: 16 "Samangsa sira nulungi
wong wadon bangsa Ibrani kang nglairake
anak, sira kudu namatake, manawa bayine lair
lanang, enggal sira patenana, dene yen wadon
kena lestari urip." 17 Nanging bidhan-bidhan
mau wedi marang Gusti Allah, mulane ora
ngestokake dhawuhe Sang Raja ing Mesir,
dadi bayi-bayine kang lanang iya padha
diuripi. 18 Sang Raja ing Mesir banjur nimbali
bidhan-bidhan mau sarta padha didangu:
"Yagene sira tumindak mangkono, isih nguripi
bayi-bayi iku?" 19 Unjuke bidhan-bidhan iku
marang Sang Prabu Pringon: "Kauningana,
tiyang estri Ibrani punika boten sami
kaliyan tiyang estri Mesir, sami kiyat-kiyat;

saderengipun bidhan dhateng, bayi sampun
lair.” 20 Marga saka iku Gusti Allah banjur
paring kamirahan marang bidhan-bidhan mau,
dene bangsa iku saya wuwuh akeh maneh
nganti tikel-matikel. 21 Sarehne bidhan-bidhan
iku padha ngabekti marang Gusti Allah,
mulane padha dilestarekake turune. 22 Sang
Prabu Pringon tumuli dhawuh marang para
kawulane kabeh: “Sakehe anake wong Ibrani
kang lair lanang padha cemplungna ing
bengawan Nil, dene kang wadon iku uripana.”

Miyose Nabi Musa lan anggone kagulawenthah nganti diwasa

2:1-10

2 1 Ana wong lanang turune Lewi omah-omah
karo wong wadon iya turune Lewi; 2 wong
wadon iku tumuli ngandhut sarta nglairake
anak lanang. Bareng weruh yen bayine iku
bagus, nuli didhelikake nganti telung sasi
lawase. 3 Nanging sarehne sabanjure wus ora
bisa didhelikake maneh, mulane dijupukake
pethi pandhan, dipopok nganggo aspal lan
tir, bayine banjur diselehake ing jerone, sarta
pethi iku mau nuli didokok ing satengahe
wlingen ing pinggir bengawan Nil. 4 Bakyune
ngadeg kepara adoh karo ngawat-awati lan
arep weruh kapriye bakal kadadeane. 5 Ing
kono putrane putri Sang Prabu Pringon tindak
menyang ing bengawan Nil karsa siram,
sarta para nyaine padha dolan-dolan ana ing
sapinggire bengawan, Sang Putri tumuli mirsa

pethi kang ana ing satengahe wlingen, banjur
utusan embane njupuk. 6 Bareng dibukak,
mirsa bayine lagi nangis, temah runtuh welase
sarta ngandika: “Bayi iki genah anake wong
Ibrani!”
7 Bakyune banjur matur marang putrine Sang
Prabu Pringon: “Punapa kawula kepareng
madosaken panjenengan dalem inya tiyang
Ibrani ingkang nesepi bayi punika?” 8 Paring
wangsulane putrine Sang Prabu Pringon: “Iya
becik!” Prawan mau tumuli lunga ngundang
ibune bayi iku. 9 Sang Putri banjur ngandika
marang wong wadon iku: “Bayi iki gawanen,
susonana; kowe bakal dakwenehi pituwas.”
Wong wadon mau banjur nggawa bayine
disusoni. 10 Bareng bocahe wus gedhe,
banjur diaturake marang putrine Sang Prabu
Pringon, dipundhut dadi putra angkat lan
diparingi nama Musa, pangandikane: “Marga
dakentasake saka ing banyu.”

Sang Musa mbelani bangsane lan ngungsi menyang ing tanah Midian

2:11-22

11 Kacarita bareng Sang Musa wus diwasa,
tindak-tindak nuweni para kadange, kepengin
nguningani anggone nindakake pagawean
peksan; nuli mirsa ana wong Mesir menthung
wong Ibrani, panunggalane para kadange.
12 Sawuse ngawasake ngiwa-nengen lan
uninga yen ora ana wong, wong Mesir mau

banjur dipateni, jisime dipendhem ana ing
pawedhen.
13 Bareng esuke tindak maneh, sarta mirsa
ana wong Ibrani loro kang lagi padha kerengan,
kang salah banjur didangu: “Yagene kowe
kok nggitiki kancamu?”
14 Wangsulane wong
iku: “Sinten ingkang ngangkat panjenengan
dados pemimpin lan hakim kula? Punapa kula
badhe panjenengan pejahi kados anggen
panjenengan mejahi tiyang Mesir punika?” Ing
kono Sang Musa kuwatos, pangunandikane:
“Prakara iki genah wus kaweruhan!”
15 Sang
Prabu Pringon bareng midhanget prakara mau,
nuli golek reka-daya arep nyedani Sang Musa.

Nanging Sang Musa lolos saka ngarsane
Sang Prabu Pringon, lan rawuh ing tanah
Midian, banjur lenggah ana ing sapinggiring
belik.
16 Anadene imam ing Midian iku
kagungan putra estri pitu, iku mbeneri teka
ngangsu ngiseni wadhah-wadhah kanggo
ngombeni wedhus-wedhuse ramane.
17 Nuli
ana pangon-pangon lanang teka, bocah-bocah
wadon mau padha diundurake saka ing kono,
nanging Sang Musa banjur jumeneng nulungi
sarta ngombeni wedhus-wedhuse.
18 Satekane
bocah-bocah wadon mau ana ing ngarsane
Imam Rehuel, ramane, banjur padha didangu:
“Sabab apa dene ing dina iki ulihmu kok
enggal temen?”
19 Atur wangsulane: “Wonten
satunggaling tiyang Mesir ingkang nulungi
kula saking tindakipun para pangen, malah
kula dipun timbakaken ngantos kathah,
saha lajeng ngombeni menda-mendanipun.”

[20] Panjenengane nuli ngandika marang para
putrane: “Wonge saiki ana ngendi? Yagene kok
koktinggal? Undangen mangan ta!” [21] Sang
Musa sagah mondhok ing dalem kono, sarta
banjur diparingi dening Imam Rehuel, Zipora,
putrane, dadi garwane. [22] Kacarita Ibu Ziporo
mau mbabar putra kakung, Sang Musa maringi
jeneng: Gersom, marga pangunandikane:
“Aku dadi wong neneka ana ing tanah
ngamanca.”

Nabi Musa kautus dening Pangeran Yehuwah

2:23--4:17

[23] Kacarita sawuse antara lawas Sang Raja
ing Mesir seda. Nanging wong Israel isih
sambat ngaru-ara, awit saka anggone padha
dadi batur, mangka pangadhuhe kang jalaran
saka aboting pagawean mau wus sumengka
marang ing ngarsane Gusti Allah. [24] Gusti
Allah miyarsakake pasambate, sarta banjur
ngengeti prasetyane karo Rama Abraham,
Iskak lan Yakub. [25] Gusti Allah mirsani lan
nggatosake marang wong Israel.

3 [1] Anadene Sang Musa saben-saben
ngengen wedhuse Imam Yitro, kang
rama marasepuh, imam ing Midian. Nalika
ing sawijining dina pinuju nggiring wedhuse
nganti ngliwati wates pasamunan, lan rawuh
ing gunungе Gusti Allah, yaiku gunung Horeb,
[2] tumuli dikatingali dening Sang Malaekating
Yehuwah ing sajroning urube geni ana ing

tengahe grumbul eri. Banjur uninga: grumbul
eri iku murub, ewadene ora kamangsa ing
geni. 3 Sang Musa banjur ngunandika: “Coba
dakparanane daksatitekne sesawangan kang
elok iku, apa sababe dene grumbul eri iku
ora nganti kobong?” 4 Bareng Pangeran
Yehuwah mirsa yen Sang Musa sumedya
murugi nyatitekake, tumuli nguwuh saka
ing satengahe grumbul eri, pangandikane:
“Musa, Musa!” Unjuke Sang Musa: “Kawula
nuwun, kula!” 5 Dhawuhe Gusti Allah: “Sira
aja nyedhak mrene, trumpahira copoten saka
ing sikilira, awitdene panggonan kang sira
idak iku tanah kang suci!” 6 Sarta maneh
pangandikane: “Ingsun iki Allahe leluhurira,
Allahe Abraham, Allahe Iskak lan Allahe
Yakub!” Sang Musa banjur nutupi pasuryane,
marga ajrih nyawang marang Gusti Allah.
7 Pangandikane Pangeran Yehuwah: “Ingsun
wus nggatosake kalawan temenan marang
kasangsarane umatingSun kang ana ing
Mesir, sarta wus miyarsa panangise marga
saka kang padha nindhes. Ingsun nguningani
kasangsarane. 8 Mulane Ingsun tumedhak
karsa nguwalake umatingSun saka ing
tangane wong Mesir, sarta Sunirid metu saka
ing nagara iku menyang nagara kang becik lan
jembar, nagara kang luber puwan lan madu,
panggonane wong Kanaan, wong Het, wong
Amori, wong Feris, wong Hewi lan wong Yebus.
9 Samengko pasambate wong Israel iku wus
sumengka marang ing ngarsaningSun; sarta
Ingsun wus nguningani kerasing panindhese

wong Mesir marang umatingSun. 10 Kang iku
ing samengko sira mangkata, sira Sunutus
nemoni Pringon, supaya umatingSun Israel iku
sira irida metu saka ing tanah Mesir." 11 Ing
kono unjuke Sang Musa marang Gusti Allah:
"Kawula punika sinten ta, dene kadhawuhan
sowan dhateng Sang Prabu Pringon sarta
mbekta medal tiyang Israel saking tanah
Mesir?" 12 Gusti Allah banjur ngandika: "Ingsun
rak bakal nunggil kalawan sira, sarta iki kang
dadi pratandhane, menawa Ingsun kang
ngutus sira: Samangsa sira wus nggawa metu
bangsa iku saka ing tanah Mesir, sira bakal
padha ngabekti marang Gusti Allah ana ing
gunung iki."

13 Unjuke Sang Musa marang Gusti
Allah: "Nanging manawi kawula manggihi
tiyang Israel sarta kawula cariyosi: Gusti
Allahe para leluhurmu kang ngutus aku
nemoni kowe, mangka lajeng sami pitaken:
Asmanipun sinten? Kados pundi wangsulan
kawula?" 14 Pangandikane Gusti Allah marang
Sang Musa: "INGSUN ANA KANG ANA."
Pangandikane maneh: "Tuturira marang wong
Israel mangkene: INGSUN ANA iku kang
ngutus aku nemoni kowe."

15 Dhawuhe Gusti Allah marang Sang
Musa maneh: "Tutura marang wong Israel
mangkene: Pangeran Yehuwah, Gusti Allahe
para leluhurmu, Gusti Allahe Rama Abraham,
Gusti Allahe Rama Iskak lan Gusti Allahe Rama
Yakub, iku kang ngutus aku nemoni kowe.
Dene iya iku asmaningSun ing salawas-lawase,

iku sebutaningSun turun-tumurun. 16 Sira
mangkata, para tuwa-tuwane Israel padha
klumpukna, padha tuturana mangkene:
Pangeran Yehuwah, Gusti Allahe para
leluhurmu, Gusti Allahe Rama Abraham,
Iskak lan Yakub, wus ngetingali aku sarta
ngandika: Ingsun wus nggatosake marang sira
kabeh, iya wus mirsa apa kang ditandukake
marang sira ana ing tanah Mesir. 17 Kang iku
pangandikaningSun: Ingsun bakal ngluwari
sira saka kasangsaran ing Mesir, Sunirid
menyang tanahe wong Kanaan, wong Het,
wong Amori, wong Feris, wong Hewi lan wong
Yebus, menyang tanah kang luber puwan lan
madu. 18 Lan samangsa padha ngrungokake
tembungira, sira dalah para tuwa-tuwane
Israel tumuli padha sebaa marang ratu
ing Mesir, lan padha matura mangkene:
Pangeran Yehuwah, Gusti Allahipun bangsa
Ibrani sampun manggihi kawula, pramila
ing samangke kawula mugi kelilanana kesah
dhateng pasamunan tebihipun lampahan
tigang dinten, badhe sami saos kurban
dhateng Pangeran Yehuwah Allah kawula.
19 Ewasamono Ingsun mirsa, yen raja ing
Mesir bakal ora nglilane sira lunga, kajaba
manawa dipeksa sarana asta kang rosa.
20 Mulane Ingsun bakal ngegarake astaningSun
lan nggebag tanah Mesir klawan sarupane
kaelokan, kang bakal Suntandukake ana
ing tengahe. Sawuse mangkono nuli bakal
nglilani sira lunga. 21 Lan wong Mesir bakal
Sundadekake loma marang bangsa iki,

satemah samangsa sira padha lunga, mesthi
ora klawan legeh. 22 Malah sawiji-wijining
wong wadon njaluka barang dandanan selaka
lan mas, apadene sandhangan marang wong
wadon tanggane lan kang tunggal saomah,
iku banjur sira anggokna anakira lanang lan
wadon, mangkono anggonira bakal njarahi
wong Mesir.”

4 1 Sang Musa banjur munjuk: “Kados
pundi manawi tiyang-tiyang wau sami
boten ngandel dhateng kawula saha
boten mirengaken dhateng tembung-
tembung kawula, malah lajeng wicanten:
Pangeran Yehuwah boten ngatingal dhateng
panjenengan?” 2 Pangandikane Pangeran
Yehuwah marang Sang Musa: “Sira nyekel
apa iku?” Unjuke Sang Musa: “Punika teken.”
3 Dhawuhe Pangeran Yehuwah: “Teken iku
sira uncalna ing lemah!” Banjur kelakon
diuncalake ing lemah, tumuli malih dadi ula,
Sang Musa satemah mlajeng. 4 Pangeran
Yehuwah banjur ngandika maneh marang
Sang Musa: “Tanganira gumrageha, pethite
cekelen!” Sang Musa banjur gumrageh astane,
pethite dicepeng, banjur malih dadi teken
maneh ana ing astane. 5 “Iku supaya padha
ngandela, yen sira wus diketingali dening
Pangeran Yehuwah Gusti Allahe para leluhure,
Gusti Allahe Abraham, Gusti Allahe Iskak lan
Gusti Allahe Yakub.”

6 Pangeran Yehuwah tumuli ngandika maneh
marang Sang Musa: “Tanganira lebokna ing
tangkeping jubahira!” Banjur iya kelakon

astane dilebetake ing tangkeping jubahe,
bareng ditarik, lah astane nandhang mala
saraat putih kaya salju. 7 Sawuse mangkono
dhawuhe maneh: "Tanganira lebokna maneh
ing tangkeping jubahira!" Sang Musa banjur
nglebetake astane maneh ing tangkeping
jubahe, bareng ditarik metu, lah wus pulih
maneh kaya sarirane. 8 "Saupama padha
ora ngandel marang sira lan ora maelu
marang pratandha kang kapisan, mesthi
bakal padha ngandel marang pratandha
kang kapindho. 9 Saupama meksa padha ora
ngandel marang pratandha loro mau lan ora
ngrungokake tembungira, sira njupuka banyu
saka bengawan Nil, sira esokna ing lemah
kang garing, banyu mau ana ing lemah kang
garing bakal malih dadi getih."

10 Unjuke Sang Musa marang Pangeran
Yehuwah: "Dhuh Pangeran, kawula punika
boten saged rembagan, wiwit rumiyin mila,
wiwit Paduka mangandikani, inggih sanes
ahli micara, margi gineman kawula alot
saha ilat kawula kaken." 11 Nanging Sang
Yehuwah ngandika: "Sapa kang nitahake ilate
manungsa, lan sapa kang nitahake wong bisu
utawa budheg, wong melek utawa wong wuta?
Apa dudu Ingsun, Yehuwah? 12 Kang iku sira
mangkata, Ingsun kang bakal ngereh ilatira
lan mulang marang sira apa kang kudu sira
ucapake."

13 Ewadene unjuke Sang Musa: "Dhuh
Pangeran, mugi Paduka karsaa utusan
sinten kemawon ingkang pantes Paduka

utus!” 14 Ing kono tuwuh dukane Pangeran
Yehuwah marang Sang Musa, pangandikane:
“Apa Harun kakangira wong Lewi iku ora
ana ing kana? Ingsun mirsa, yen iku wasis
micara, malah wus mangkat methuk sira,
lan samangsa ketemu klawan sira, bakal
bungah atine. 15 Harun iku sira tuturana
lan tembung-tembung mau dokoken ing
cangkeme, dene Ingsun kang bakal ngereh
cangkemira lan cangkeme Harun, sarta sira
bakal Sunwulang apa kang perlu sira lakoni.
16 Harun iku kang bakal makili sira mituturi
bangsa iku, kalawan mangkono Harun iku
minangka cangkemira lan sira kaya kang
dadi Allahe. 17 Anadene teken iku sira gawaa,
iku minangka sarana anggonira nindakake
pratandha-pratandha mau.”

Wangsule Sang Musa menyang ing tanah Mesir

4:18-31

18 Sang Musa tumuli wangsul manggihi
Imam Yitro marasepuhe, sarta ature: “Kula
kalilana wangsul manggihi sanak-kadang kula
ingkang wonten Mesir, badhe kula tuweni,
punapa taksih sami gesang?” Wangsulane
Imam Yitro: “Iya becik mangkata kalawan
tentrem!” 19 Anadene Pangeran Yehuwah iya
wus ngandika marang Sang Musa ana ing
tanah Midian: “Sira balia menyang Mesir,
awitdene sakehe wong kang nedya mateni sira
iku wus padha mati.”

[20] Sang Musa banjur ngajak garwane lan
putra-putrane, padha katunggangake ing
kuldi wangsul menyang ing tanah Mesir; lan
tekene Gusti Allah iku diasta. [21] Dhawuhe
Pangeran Yehuwah marang Sang Musa:
“Anggonira bali menyang ing tanah Mesir iku
kudu tansah eling, supaya sakehe kaelokan
kang wus Sunpasrahake marang sira iku sira
tindakna ana ing ngarepe Pringon. Ingsun
bakal mangkotake atine Pringon, temah bakal
ora nglilani lungane umatingSun. [22] Sira kudu
matur marang Pringon: Dhawuhipun Pangeran
Yehuwah makaten: Israel iku putraningSun,
iya putraningSun pambajeng; [23] kang iku
Ingsun dhawuh marang sira: PutraningSun
iku sira lilanana lunga supaya ngabekti
marang Ingsun; dene manawa sira ora nglilani
lungane, lah Ingsun bakal mateni anakira,
anakira pambarep.”
[24] Kacarita bareng ana ing dalan ana ing
panginepan, Sang Musa tumuli dipanggihi
dening Pangeran Yehuwah bakal disedani.
[25] Ibu Zipora banjur mundhut lading watu,
sarta ngiris ikute kang putra, irisan iku nuli
kasenggolake ing sampeyane Sang Musa
karo matur: “Saestu panjenengan punika
panganten rah tumrap kula.” [26] Sang Musa
banjur ora dikapak-kapakake dening Pangeran
Yehuwah. Mungguh Ibu Zipora anggone nalika
iku nyebut “panganten rah” iku awit saka
prakara tetak mau.
[27] Anadene Pangeran Yehuwah wus ngandika
marang Rama Harun, mangkene: “Sira

methukna Musa menyang ing pasamunan.”
Rama Harun tumuli mangkat lan kepanggih
karo Sang Musa ana ing gununge Gusti
Allah, banjur diaras. 28 Sang Musa tumuli
ngaturi uninga marang Rama Harun bab
sakehe pangandikaning Yehuwah kang wus
diwelingake lan sakehe pratandha kang wus
kadhawuhake supaya ditindakake. 29 Sang
Musa lan Rama Harun banjur tindak sarta
nglempakake sakehe tuwa-tuwane Israel.
30 Rama Harun tumuli nglairake sakehe
pangandika kang wus didhawuhake dening
Pangeran Yehuwah marang Sang Musa, sarta
nindakake pratandha-pratandha ana ing
ngarepe bangsa iku. 31 Bangsa mau banjur
ngandel, sarta bareng krungu yen Pangeran
Yehuwah wus nuweni marang wong Israel lan
wus mirsani ing kasangsarane, temah padha
jengkeng sujud.

Nabi Musa lan Rama Harun sowan Sang Prabu Pringon, bangsa Israel saya kasiya-siya

5:1--6:1 (5:1-24)

5 1 Sawuse mangkono Nabi Musa lan Rama
Harun tumuli padha sowan marang ing
ngarsane Sang Prabu Pringon sarta matur:
“Dhawuhipun Pangeran Yehuwah Gusti
Allahipun Israel makaten: Sira nglilanana
umatingSun supaya padha menyang ing
pasamunan nganakake riyaya konjuk marang
Ingsun!” 2 Nanging pangandikane Sang Prabu

Pringon: "Sapa ta Yehuwah iku, kang prentahe
kudu sunestokake bab nglilani lungane wong
Israel? Ingsun ora wanuh karo Yehuwah iku lan
uga ora bakal nglilani lungane wong Israel."
3 Ature Nabi Musa lan Rama Harun: "Gusti
Allahipun tiyang Ibrani sampun manggihi
kawula. Sapunika panjenengan dalem mugi
karsaa nglilani kawula sami kesah dhateng
pasamunan tebihipun lampahan tigang
dinten, badhe saos kurban dhateng Pangeran
Yehuwah, Gusti Allah kawula, supados
kawula sampun ngantos kadhawahan ing
pageblug utawi pedhang." 4 Nanging Sang
Nata ing Mesir ngandika: "He Musa lan Harun,
yagene sira padha nindakake kang njalari
bangsa iki banjur nglirwakake pagaweane?
Lungaa, sira nglakonana pagaweanira dhewe!"
5 Pangandikane Sang Prabu Pringon maneh:
"Delengen, cacahe bangsamu ana ing nagara
kene wus akeh banget, mangka sira kok
arep nglerenake anggone nyambut-gawe
peksan!" 6 Ing dina iku uga Sang Prabu
Pringon dhawuh marang para pambereging
bangsa iku lan marang mandhor-mandhore
wong-wong mau dhewe, mangkene: 7 "Bangsa
iku anggone gawe bata ora susah diwenehi
damen kaya dhek wingi-wingine, kareben
padha golek dhewe. 8 Nanging setorane bata
ajeg cacahe kaya wingi-wingine, ora kena
disuda, marga wong-wong iku kesed. Mulane
padha bengok-bengok: Kawula mugi kalilana
kesah badhe saos kurban dhateng Allah
kawula. 9 Pagaweane wong-wong iku kudu

ditambahi abote, nganti gagasane mung
tumuju marang pagawean, lan aja nganti
katut marang tetembungan kang dora.” 10 Para
pambereging bangsa mau lan para mandhore
nuli padha tutur marang umat: “Dhawuhe
Sang Prabu Pringon mangkene: Sira iku
wus ora sunparingi damen maneh. 11 Sira
padha goleka damen dhewe, ngendi saolehe,
ewadene setoranira ora kena kurang!”
12 Bangsa mau banjur padha pating salebar
menyang ing sawratane tanah Mesir perlu
golek bonggol gandum kanggo lirune damen.
13 Para pambereg tansah ngatag-atag,
pangucape: “Pagaweanmu rampungna,
yaiku kewajibanmu sadina, dipadha kaya
nalika isih oleh merang!” 14 Para pamberege
Sang Prabu Pringon iku padha nggebugi
mandhor-mandhor Israel, kang padha
diangkat dening wong-wong iku kalawan
pangucape: “Yagene ladenmu bata dina iki
cacahe ora kaya ladenmu dhek wingi?”
15 Jalaran saka iku para mandhor Israel
mau padha seba marang ing ngarsane
Sang Prabu Pringon, ngaturake prakara iku,
unjuke: “Para abdi dalem punapaa dene sami
panjenengan dalem etrapi kados mekaten?
16 Abdi dalem sami boten dipun sukani
merang, ewasamanten sami dipun prentahi
damel banon, wewah malih abdi dalem mawi
dipun gebagi, mangka ingkang lepat punika
para kawula dalem.” 17 Nanging pangandikane:
“Sira iku wong kesed, wong kesed! Mulane
ujarira: Kawula mugi sami kalilana kesah

saos kurban dhateng Pangeran Yehuwah.
[18] Mulane saiki padha mundura! Nyambuta
gawe, nanging merang ora bakal diwenehi,
ewadene sira padha setora bata padha karo
adat-sabene!” [19] Ing kono para mandhor Israel
padha ngreti, yen pancen ana ing sajroning
karibedan, marga padha dipangandikani:
“Kowe padha ora kena ngurangi cacahe
setoran bata saben dinane.” [20] Mulane bareng
kapethuk Nabi Musa lan Rama Harun, kang
padha nyegat undure saka ing ngarsane
Sang Prabu Pringon, [21] banjur padha matur
mangkene: “Pangeran Yehuwah mugi
nguninganana pandamel panjenengan sarta
maringi paukuman dhateng panjenengan,
margi panjenengan sampun sami ndadosaken
bacin nama kula sadaya wonten ngarsanipun
Sang Prabu Pringon saha para abdinipun, lan
margi saking makaten panjenengan prasasat
nyepengi lading dhateng tiyang-tiyang punika
kangge mejahi kula.”
[22] Nabi Musa banjur wangsul sowan marang
ing ngarsaning Pangeran Yehuwah, sarta
munjuk: “Dhuh Pangeran, kados pundi dene
Paduka nandukakaken kasangsaran kados
makaten dhateng umat punika? Punapaa dene
kawula ingkang Paduka utus? [23] Awitdene
wiwit sowan kawula ing ngarsanipun Sang
Prabu Pringon, ngunjukakaken atur atas
asma Paduka, bangsa punika dipun etrapi
ingkang awon, mangka Paduka babar-pisan
6 boten ngluwari umat Paduka.” [1] (5-24)
Nanging pangandikane Pangeran Yehuwah

marang Nabi Musa: “Ing samengko sira bakal
sumurup, apa kang bakal Suntandukake
marang Pringon; anggone bakal nglilani lunga
bangsa iki sarana dipeksa ing asta kang rosa,
iya marga saka dipeksa dening asta kang rosa
dheweke bakal nundhung bangsa iku saka ing
nagarane.”

Nabi Musa kautus maneh

6:2-13 (6:1-12)

2 (6-1) Sabanjure Gusti Allah ngandika
marang Nabi Musa mangkene: “Ingsun
iki Yehuwah. 3 (6-2) Ingsun wus ngatingal
marang Abraham, Iskak lan Yakub, dadi Allah
kang Mahakuwasa, nanging asmaningSun
Yehuwah durung Sunsumurupake. 4 (6-3)
Karodene Ingsun ora mung damel prasetyan
karo leluhurira iku, yen bakal Sunparingi
tanah Kanaan, tanah panggonane neneka,
5 (6-4) nanging Ingsun wus mireng uga
bab wong-wong Israel anggone ditindhes
dening wong Mesir, lan Ingsun enget marang
prasetyaningSun. 6 (6-5) Kang iku sira tutura
marang wong Israel: Ingsun iki Yehuwah,
Ingsun bakal ngluwari sira saka pagawean-
peksane wong Mesir, lan nguwalake sira saka
anggonira dikawulakake lan ngentasake sira
klawan asta kang Sunacungake, apadene
kalawan paukuman-paukuman kang abot. 7 (6-
6) Sira bakal Sunpundhut dadi umatingSun
lan Ingsun bakal jumeneng dadi Allahira,
supaya sira padha sumurup, yen Ingsun

iki Yehuwah Allahira, kang nguwalake sira
saka pagawean-peksane wong Mesir. 8 (6-7)
Karodene sira bakal Sunirid menyang ing
nagara kang wus Sunprasetyakake kalawan
supaos, yen bakal Sunparingake marang
Abraham, Iskak lan Yakub, sarta iku bakal
Sunparingake marang sira dadi darbekira;
Ingsun iki Yehuwah!”
9 (6-8) Nabi Musa banjur ngandika mangkono
mau marang wong Israel, nanging padha
ora ngrungokake marang pangandikane Nabi
Musa, marga wus padha semplah jalaran saka
pangawulan kang banget abote iku.
10 (6-9) Pangeran Yehuwah tumuli ngandika
marang Nabi Musa: 11 (6-10) “Sira sebaa
lan matura marang Pringon, raja ing Mesir,
supaya nglilanana wong Israel metu saka ing
nagarane.” 12 (6-11) Nanging unjuke Nabi
Musa ana ing ngarsaning Sang Yehuwah:
“Lah tiyang Israel piyambak boten purun
mirengaken dhateng kawula, Sang Prabu
Pringon malih yen karsaa miyarsakaken,
kawula punika tiyang ingkang kaken ilat
kawula.” 13 (6-12) Ing kono Pangeran Yehuwah
banjur dhawuh marang Nabi Musa lan Rama
Harun, supaya nemoni wong Israel lan sowan
Sang Prabu Pringon, raja ing Mesir, murih
wong Israel iku padha diirid metu saka ing
Mesir.

Pratelan bab tedhak-turune Ruben, Simeon lan Lewi

6:14-27 (6:13-26)

14 (6-13) Iki pratelane para lajering kula-
wargane. Anak-anake Ruben, pambajenge
Rama Israel: Henokh, Palu, Hezron lan Karmi;
iya iku gotrah-gotrahe Ruben. 15 (6-14)
Anak-anake Simeon: Yemuel, Yamin. Ohad,
Yakhin, Zohar lan Saul, anake wadon bangsa
Kanaan, iku gotrah-gotrahe Simeon. 16 (6-15)
Anak-anake Lewi, miturut urut-urutane laire:
Gerson, Kehat lan Merari. Lewi umure satus
telung puluh pitu taun. 17 (6-16) Anak-anake
Gerson: Libni lan Simei, miturut gotrahe.
18 (6-17) Anak-anake Kehat: Amram, Yizhar,
Hebron lan Uziel. Umure Kehat satus telung
puluh telu taun. 19 (6-18) Anak-anake Merari:
Makhli lan Musi. Iya iku gotrah-gotrahe Lewi
miturut urut-urutane.
20 (6-19) Amram omah-omah karo Yokhebed,
adhine bapakne, iku mbabar Rama Harun lan
Nabi Musa. Umure Amram nyandhak satus
telung puluh pitu taun. 21 (6-20) Anak-anake
Yizhar: Korakh, Nefeg lan Zikhri. 22 (6-21)
Anak-anake Uziel: Misael, Elsafan lan Sitri.
23 (6-22) Rama Harun nggarwa Eliseba, anake
Aminadab, sadulure Nahason, iku nglairake:
Nadab, Abihu, Eleazar lan Itamar. 24 (6-23)
Anak-anake Korakh: Asir, Elkana lan Abiasaf,
iku gotrahe wong Korakh. 25 (6-24) Eleazar
putrane Rama Harun, njupuk somah salah

sawijine anake Putiel, kang banjur nglairake:
Pinehas. Iya iku para lajering kula-wargane
wong Lewi miturut gotrahe.
26 (6-25) Iya Rama Harun lan Nabi Musa iku
kang padha kadhawuhan dening Pangeran
Yehuwah: "Wong Israel iku padha iriden metu
saka ing tanah Mesir miturut golongane."
27 (6-26) Iya iku kang padha munjuk marang
Sang Prabu Pringon raja ing Mesir, bab ngirid
wong Israel metu saka ing tanah Mesir. Iya
Nabi Musa lan Rama Harun iku.

Nabi Musa sowan ing ngarsane Sang Prabu Pringon

6:28--7:13 (6:27--7:13)

28 (6-27) Nalika Pangeran Yehuwah ngandika
marang Nabi Musa ana ing tanah Mesir,
29 (6-28) pangandikane Pangeran Yehuwah
marang Nabi Musa mangkene: "Ingsun iki
Yehuwah; sira matura marang Pringon, Raja
ing Mesir, bab kabeh kang Sundhawuhake
marang sira." 30 (6-29) Nanging Nabi Musa
munjuk ana ing ngarsaning Sang Yehuwah:
"Kawula punika rak boten saged micara, kados
pundi Sang Prabu Pringon anggenipun badhe
miyarsakaken atur kawula?"
7 1 Pangeran Yehuwah banjur ngandika
marang Nabi Musa: "Wruhanira, sira iku
Sunangkat dadi Allah tumrap Pringon, lan
Harun kakangira, iku bakal dadi nabinira. 2 Sira
ngucapna sabarang kang wus Sundhawuhake
marang sira, lan Harun kakangira, kang banjur

matur marang Pringon, supaya nglilanana
wong Israel lunga saka ing tanahe. 3 Nanging
Ingsun bakal mangkotake atine Pringon,
lan Ingsun bakal ngakehake pratandha lan
kaelokan ana ing tanah Mesir. 4 Manawa
Pringon ora ngrungokake marang sira, ing
kono Ingsun bakal ndhawahake astaningSun
marang tanah Mesir sarta ngirid wadya-
balaningSun, iya umatingSun Israel metu saka
tanah Mesir, kalawan paukuman-paukuman
kang abot. 5 Ing kono wong Mesir bakal padha
sumurup yen Ingsun iki Yehuwah, yaiku
samangsa Ingsun ngagagake astaningSun
marang tanah Mesir lan ngentasake wong
Israel saka ing satengahe.” 6 Nabi Musa
lan Rama Harun tumuli padha ngestokake
sadhawuhe Pangeran Yehuwah, iku ditindakake
kabeh. 7 Anadene nalika iku yuswane Nabi
Musa wolung puluh taun lan Rama Harun
wolung puluh telu taun, ing nalikane padha
munjuk marang Sang Prabu Pringon.

8 Pangeran Yehuwah tumuli ngandika marang
Nabi Musa lan Rama Harun: 9 “Manawa
Pringon akon marang sira: Sira nuduhna
sawijining mukjijat, nuli sira ndhawuhana
Harun: Jupuken tekenmu, lan uncalna ana ing
ngarsane Sang Prabu Pringon, nuli bakal malih
dadi ula.”

10 Nabi Musa lan Rama Harun tumuli padha
sowan marang ing ngarsane Sang Prabu
Pringon, sarta nindakake kaya kang wus
didhawuhake dening Pangeran Yehuwah.
Rama Harun nguncalake tekene ana ing

ngarsane Sang Prabu Pringon lan ing ngarepe
para abdine, tekene banjur malih dadi ula.
11 Sang Prabu Pringon tumuli nimbali para
sarjana lan juru sihir, lan para ahli Mesir
mau iya padha tumindak mangkono uga
srana japa-mantrane. 12 Siji-sijine padha
nguncalake tekene, lan teken-teken iku padha
dadi ula, nanging tekene Rama Harun nguntali
teken-tekene wong-wong mau. 13 Ewadene
panggalihe Sang Prabu Pringon tetep puguh,
temahan ora karsa miyarsakake ature Nabi
Musa lan Rama Harun, kaya kang wus
dipangandikakake dening Pangeran Yehuwah.

Wewelak kapisan: banyu dadi getih

7:14-25

14 Pangeran Yehuwah tumuli ngandika
marang Nabi Musa: “Atine Pringon iku
wangkot, ora gelem nglilani lunga bangsa iku.
15 Sira sowana marang Pringon ing wayah
esuk, yaiku yen mbeneri metu menyang
bengawan kaya adate, sira ngentenana ana
ing sapinggire bengawan Nil karo nyekel
teken kang maune malih dadi ula. 16 Sira
banjur matura mangkene: Pangeran Yehuwah
Gusti Allahipun tiyang Ibrani, sampun ngutus
kawula sowan ing ngarsa dalem, dhawuhipun:
Sira nglilanana lunga umatingSun, supaya
padha saosa pangabekti marang Ingsun
ana ing pasamunan. Ewadene ngantos
dumugi samangke, panjenengan dalem
boten karsa miyarsakaken. 17 Margi saking

punika, makaten pangandikanipun Pangeran
Yehuwah: Anggonira sumurup yen Ingsun
iki Yehuwah, srana mangkene: Lah teken
ingkang wonten ing tangan kawula punika
badhe kawula sabetaken dhateng ing toya
ing benawi Nil, toyanipun lajeng badhe malih
dados rah, [18] ulam-ulam ingkang wonten ing
benawi badhe sami pejah, benawinipun badhe
ngganda bacin, sarta tiyang Mesir sami boten
purun ngombe toya ing benawi Nil punika.”
[19] Pangeran Yehuwah ngandika marang
Nabi Musa: “Sira ndhawuhana marang Harun
mangkene: Tekenmu jupuken! Banjur ayatna
marang sakehe banyu ing tanah Mesir, marang
sadhengah kali, kalen-kalen, blumbang lan
sadhengah panggonan banyu, supaya padha
maliha dadi getih. Banjur bakal ana getih
ing sawratane tanah Mesir, dalah ing sakehe
wadhah kayu lan watu.” [20] Nabi Musa lan
Rama Harun banjur ngestokake sadhawuhe
Pangeran Yehuwah; tekene diacungake lan
disabetake ing banyune bengawan Nil, ana ing
ngarsane Sang Prabu Pringon lan ing ngarepe
para abdine, banyu kang ana ing bengawan Nil
kabeh banjur malih dadi getih. [21] Iwak-iwak
ing bengawan Nil padha mati, temahan
bengawane mambu bacin lan wong Mesir ora
bisa ngombe banyune bengawan Nil, sarta
sawratane tanah Mesir kebak getih. [22] Nanging
para juru sihir ing Mesir iya nindakake
mangkono sarana japa-mantrane, temahan
galihe Sang Pringon tetep wangkot lan ora
karsa miyarsakake ature Nabi Musa lan Rama

Harun, kaya kang wus didhawuhake dening
Pangeran Yehuwah. 23 Sang Prabu Pringon
minger banjur kondur menyang ing kedhaton,
lan ora maelu marang prakara mau. 24 Nanging
sakehe wong Mesir padha ndhudhuk-ndhudhuk
sakiwa-tengene bengawan Nil golek banyu
kang kena diombe, marga banyune bengawan
Nil ora kena diombe. 25 Kaya mangkono
nganti kelakon ganep pitung dina, yaiku wiwit
saka anggone Pangeran Yehuwah ndhawahi
wewelak marang bengawan Nil.

Wewelak kang kapindho: kodhok

8:1-15

8 1 Pangeran Yehuwah banjur ngandika
marang Nabi Musa: "Sira sowana Sang
Prabu Pringon lan matura: Pangandikanipun
Pangeran Yehuwah makaten: Sira nglilanana
umatingSun padha lunga, supaya padha saos
pangabekti marang Ingsun, 2 dene manawa
sira tetep ora nglilani lungane, lah satlatahe
tanahira bakal Sundhawahi wewelak kodhok.
3 Ing bengawan Nil bakal ana uyel-uyelaning
kodhok, banjur padha mentas lumebu ing
kadhatonira, tekan ing kamar turu lan
paturonira, mangkono uga ing omahe para
abdi lan kawulanira, dalah ing jero pawonira
lan ing wadhah jladrenira. 4 Kodhok-kodhok
iku bakal ngroyok sira lan para kawula lan
abdinira."

5 Sarta dhawuhe Pangeran Yehuwah marang
Nabi Musa maneh: "Sira ndhawuhana Harun:

Tanganmu karo tekenmu acungna marang
bengawan, kalen-kalen lan blumbang, supaya
kodhok-kodhok padha metu mratani tanah
Mesir.” 6 Rama Harun banjur ngacungake
astane marang sakehe banyu ing tanah Mesir,
tumuli kodhok-kodhok padha metu nyrambahi
tanah Mesir. 7 Nanging para juru sihir iya bisa
nindakake prakara iku srana japa-mantrane,
uga metokake kodhok-kodhok mratani tanah
Mesir.
8 Sang Prabu Pringon banjur nimbali Nabi
Musa lan Rama Harun sarta ngandika: “Sira
sembahyanga marang Pangeran Yehuwah,
supaya karsaa nyirnakake kodhok-kodhok
iku saka ngarsaningsun lan saka para
kawulaningsun, sabanjure ingsun bakal
nglilani bangsa iku lunga saos kurban
marang Pangeran Yehuwah.” 9 Ature Nabi
Musa marang Sang Prabu Pringon: “Kawula
nyumanggakaken karsa panjenengan dalem,
benjing punapa anggen kawula ndedonga
kagem panjenengan dalem tuwin para
abdi saha para kawula dalem, supados
kodhok-kodhok punika katumpes sirna saking
ngarsa dalem saha saking ing salebetipun
griya-griya, namunga kantun ingkang wonten
ing benawi Nil kemawon?” 10 Pangandikane
Sang Prabu Pringon: “Sesuk!” Ature Nabi
Musa: “Inggih, badhe kelampahan kados
pangandika dalem, supados panjenengan
dalem mirsaa, bilih boten wonten ingkang
nyameni Pangeran Yehuwah, Gusti Allah
kawula. 11 Kodhok-kodhok badhe sirna saking

ngarsa dalem, saking salebeting griya-griya,
saking para abdi saha saking para kawula
dalem, namung badhe manggen wonten ing
benawi Nil kemawon."
12 Nabi Musa lan Rama Harun tumuli padha
mundur saka ing ngarsane Sang Prabu
Pringon, sarta Nabi Musa banjur nyebut
marang asmaning Sang Yehuwah gegayutan
karo kodhok-kodhok kang wus ditekakake
ngebyuki Sang Prabu Pringon mau.
13 Pangeran Yehuwah nyembadani panyuwune
Nabi Musa, kodhok-kodhok padha mati sirna
saka ing omah-omah saka ing plataran
lan saka ing pategalan. 14 Bathange banjur
dikumpulake nganti ngundhung-ngundhung,
satemah satanah kabeh ngganda bacin.
15 Nanging bareng Sang Prabu Pringon mirsa
yen wus ora ana apa-apa, tetep mangkotake
panggalihe, dadi ora miyarsakake ature
Nabi Musa lan Rama Harun, kaya kang wus
kapangandikakake dening Pangeran Yehuwah.

Wewelak katelu: lemud

8:16-19

16 Pangeran Yehuwah tumuli ngandika
marang Nabi Musa: "Sira ndhawuhana marang
Harun: Tekenmu acungna lan sabetna ing
lebuning bumi, ing kono lebune bumi iki bakal
dadi lemud ana ing sawratane tanah Mesir
kabeh." 17 Banjur padha nindakake mangkono,
Rama Harun ngacungake astane karo tekene,
lan nyabet lebuning bumi, tumuli lemud-lemud

padha ngroyok marang manungsa lan kewan.
Sakehe lebuning bumi tanah Mesir padha
dadi lemud. [18] Para ahli iya padha tumindak
mangkono srana japa-mantrane sumedya
metokake lemud, nanging padha ora bisa.
Kaya mangkono lemud-lemud mau padha
ngroyok manungsa lan sato-kewan. [19] Para ahli
mau tumuli padha munjuk marang Sang Prabu
Pringon: “Punika astaning Allah.” Ewadene
Sang Pringon isih puguh galihe, lan ora karsa
miyarsakake ature Nabi Musa lan Rama Harun,
kaya kang wus kapangandikakake dening
Pangeran Yehuwah.

Wewelak kaping papat: laler cathak

8:20-32

[20] Pangandikane Sang Yehuwah marang
Nabi Musa: “Sira tangia kang esuk, banjur
mapaga Pringon samangsa kaya adat sabene
metu menyang ing bengawan, sarta matura,
pangandikanipun Pangeran Yehuwah makaten:
Sira nglilanana umatingSun lunga saos
pangabekti marang Ingsun, [21] dene manawa
umatingSun ora sira lilani lunga, Ingsun bakal
nekakake laler cathak padha ngebyuki sira,
para abdinira, kawulanira sarta omah-omahira,
nganti omahe wong Mesir kebak laler cathak,
tekan lemahe kang dienciki. [22] Nanging tanah
Gosyen kang dienggoni umatingSun ing dina
iku Sunjabakake, dadi ing kono bakal ora ana
laler cathak, supaya sira sumurup yen Ingsun
Yehuwah, ana ing nagara kene. [23] Ingsun bakal

mbedakake ing antarane umatingSun lan
bangsanira. Sesuk bakal kelakon pratandha
iku!” 24 Pangeran Yehuwah banjur nindakake
mangkono mau: ana laler cathak akeh banget
kang padha ngebyuk ing kedhatone Sang
Prabu Pringon lan ing omahe para abdine
apadene ing sawratane tanah Mesir; tanahe
nganti rusak dening laler cathak iku.
25 Sang Prabu Pringon tumuli nimbali Nabi
Musa lan Rama Harun, pangandikane: “Padha
lungaa, saosa kurban marang Allahmu
ana ing tanah kene!” 26 Ature Nabi Musa:
“Kawula boten saged tumindak makaten,
awit kurban ingkang badhe kawula saosaken
dhateng Pangeran Yehuwah, Gusti Allah
kawula punika, nistha tumrap tiyang Mesir.
Saupami kawula sami nyaosaken kurban
ingkang nistha tumrap tiyang Mesir wonten
ngajenganipun, punapa kawula boten lajeng
dipun benturi sela? 27 Kawula kedah kesah
dhateng pasamunan tebihipun lampahan
tigang dinten, perlu nyaosaken kurban
dhateng Pangeran Yehuwah, Gusti Allah
kawula, kados anggenipun ndhawuhi kawula.”
28 Pangandikane Sang Prabu Pringon:
“Prayoga, ingsun bakal nglilani sira lunga
saos kurban marang Pangeran Yehuwah
Allahira, ana ing pasamunan; mung aja nganti
kadohen lakunira. Ingsun dongakna!” 29 Ature
Nabi Musa: “Saundur kawula saking ngarsa
dalem kawula badhe nyenyuwun dhateng
Pangeran Yehuwah, satemah laler cathak
punika benjing-enjing sami sirna saking

ngarsanipun Sang Prabu Pringon saha saking
ngajenganipun para abdi lan para kawula
sadaya. Nanging Sang Prabu Pringon sampun
ngantos cidra malih, satemah boten nglilani
bangsa punika kesah saos kurban dhateng
Pangeran Yehuwah.”
30 Sawuse mangkono Nabi Musa mundur
saka ing ngarsane Sang Prabu Pringon, banjur
nyenyuwun marang Pangeran Yehuwah.
31 Sang Yehuwah nyembadani panyuwune Nabi
Musa, temah laler cathak mau sirna saka ing
ngarsane Sang Prabu Pringon lan saka ing
ngarepe para abdi tuwin para kawulane, siji
bae ora ana kang kari. 32 Ewadene Sang Prabu
Pringon iya meksa mangkotake panggalihe,
ora nglilani lunga bangsa mau.

Wewelak kalima: pageblug kewan

9:1-7

9 1 Pangeran Yehuwah tumuli ngandika
marang Nabi Musa: “Sira sebaa marang
Pringon sarta sira matura: Pangandikanipun
Pangeran Yehuwah, Gusti Allahipun tiyang
Ibrani makaten: Sira nglilanana umatingSun
lunga saos pangabekti marang Ingsun. 2 Margi
saupami panjenengan dalem boten karsa
nglilani kesahipun, sarta taksih panjenengan
dalem kekahi kemawon, 3 lah astanipun
Pangeran Yehuwah badhe ndhatengaken
pageblug ingkang ageng sanget dhateng
kagungan dalem kewan ingkang wonten ing
pangenan, kapal, kuldi, unta, lembu saha

menda. 4 Salajengipun Pangeran Yehuwah
badhe mbedakaken kewan gadhahanipun
tiyang Israel kaliyan kewanipun tiyang Mesir,
temah kewanipun tiyang Israel boten wonten
satunggal-tunggala ingkang pejah.” 5 Anadene
Pangeran Yehuwah nemtokake wektune,
pangandikane: “Sesuk anggone Pangeran
Yehuwah bakal nindakake prakara iku ana
ing nagara kene.” 6 Bareng esuke Pangeran
Yehuwah nindakake bab iku mau, kewane
wong Mesir padha mati kabeh, nanging
kewane wong Israel ora ana kang mati
siji-sijia. 7 Sang Prabu Pringon utusan mrana,
lan nyata kewane wong Israel ora ana kang
mati siji-sijia. Ewasamono Sang Prabu Pringon
tetep wangkot lan ora karsa nglilani lungane
bangsa mau.

Wewelak kang kaping nem: memala wudun

9:8-12

8 Pangeran Yehuwah banjur ngandika marang
Nabi Musa lan Rama Harun: “Sira padha
njupuka angus ing pawon paleburan sagegem
kebak, lan Musa banjur nyawurna angus mau
ing awang-awang ana ing ngarepe Pringon.
9 Angus iku bakal malih dadi bledug lembut
nyrambahi satanah Mesir kabeh, iku bakal
njalari anane memala wudun kang mecah
dadi koreng, ngenani manungsa lan kewan
ing sawratane tanah Mesir.” 10 Nabi Musa lan
Rama Harun banjur mundhut angus saka

ing pawon paleburan, tumuli jumeneng ana
ing ngarsane Sang Prabu Pringon, anguse
tumuli disawurake ing awang-awang dening
Nabi Musa, temah ana memala wudun kang
mecah ngoreng thukul ing badane manungsa
lan kewan. 11 Para juru sihir nganti ora
betah ngadeg ana ing ngarsane Nabi Musa,
marga saka memalane; awit para juru sihir
iya padha ketaman wudun kayadene wong
Mesir kabeh. 12 Nanging Pangeran Yehuwah
muguhake galihe Sang Prabu Pringon, temah
ora miyarsakake ature Nabi Musa lan Rama
Harun, kaya kang wus dipangandikakake
dening Pangeran Yehuwah marang Nabi Musa.

Wewelak kaping pitu: udan es

9:13-35

13 Pangeran Yehuwah banjur ngandika
marang Nabi Musa: "Sesuk sira tangia kang
esuk, sebaa marang ngarsange Pringon sarta
matura: Pangeran Yehuwah Allahipun tiyang
Ibrani ngandika makaten: Sira nglilanana
umatingSun lunga supaya saos pangabekti
marang Ingsun. 14 Sabab sapisan iki, Ingsun
bakal ngesokake sakehe wewelakingSun
marang sira dhewe, marang para abdinira
lan marang para kawulanira supaya sira
sumurupa yen ing salumahing bumi ora ana
kang madhani Ingsun. 15 Satemene saupama
Ingsun karsa ngagagake astaningSun sarta
nggebag marang sira lan para kawulanira
kalawan pageblug, mesthi sira wus katumpes

sirna saka bumi. 16 Nanging mulane sira isih
Sunlestarekake urip, iku marga Ingsun karsa
ngatingalake kakiyataningSun marang sira
lan supaya asmaningSun kaluhurna ana ing
salumahing bumi. 17 Saprene sira tansah
ngalang-alangi umatingSun, ora sira lilani
lunga. 18 Lah sesuk watara wayah mangkene
Ingsun bakal ndhatengake udan es kang
deres banget, kang durung tau kelakon
wiwit madege Mesir nganti saprene. 19 Kang
iku kewan-kewanira lan sabarang darbekira
kang ana ing ara-ara, padha sira gawanana
menyang panggonan kang njalari slamete;
sakehe manungsa lan kewan, kang ana ing
ara-ara kang ora nglumpuk ana ngomah, bakal
katiban udan es iku, satemah bakal padha
mati.” 20 Para abdine Sang Prabu Pringon kang
rumangsa wedi marang pangandikaning Sang
Yehuwah, iku nuli padha akon batur-bature
lan kewane mlebu ngomah. 21 Balik kang ora
maelu marang dhawuhe Pangeran Yehuwah,
padha ngetogake bae batur-bature lan kewane
ana ing ara-ara.

22 Pangeran Yehuwah tumuli ngandika
marang Nabi Musa: “Tanganira athungna
marang langit, nuli bakal ana udan es tumurun
saka ing langit mratani satanah Mesir kabeh,
ngenani manungsa, kewan lan tetuwuhan
ing ara-ara ing tanah Mesir.” 23 Nabi Musa
tumuli ngathungake tekene marang langit,
Pangeran Yehuwah tumuli ndhatengake
gludhug lan udan es, sarta ana geni kang
nyamber-nyamber marang bumi. Pangeran

Yehuwah anggone nurunake udan es mau
mratani satanah Mesir. 24 Udan es mau
kaworan geni kang pating cleret ana ing
satengahe udan es iku, nggegirisi banget,
ing saindenge nagarane wong Mesir kabeh
durung tau kelakon kang kaya mangkono iku,
wiwit wong-wong mau padha dadi bangsa.
25 Udan es mau ngrusak samubarang kang ana
ing ara-ara, ing sawratane tanah Mesir, iya
manungsa iya kewan, mangkono uga ngrusak
sawarnane tanem-tuwuh kang ana ing ara-ara
lan ngesolake sakehe wit-witan. 26 Mung ing
tanah Gosyen, panggonane wong Israel, ora
ana udan es. 27 Sang Prabu Pringon banjur
utusan nimbali Nabi Musa lan Rama Harun
padha dipangandikani: "Sapisan iki Ingsun
kaluputan, Pangeran Yehuwah kang leres,
nanging ingsun lan para kawulaningsun kang
padha luput. 28 Padha nyenyuwuna marang
Pangeran Yehuwah, gludhuge Gusti Allah lan
udan es iku wus cukup, ingsun bakal nglilani
sira padha lunga, wus ora prelu sira kesuwen
ana ing kene maneh."

29 Ature Nabi Musa: "Mangke samedal
kawula dhateng sajawining nagari, kawula
badhe ngegaraken tangan kawula konjuk
ing Pangeran Yehuwah, gludhugipun badhe
kendel sarta jawahipun es temtu lajeng
terang, supados panjenengan dalem mirsaa,
bilih bumi punika kagunganipun Pangeran
Yehuwah. 30 Nanging menggah panjenengan
dalem saha para abdi dalem, kawula sumerep
taksih dereng sami ajrih dhateng Pangeran

Yehuwah Allah.” [31] -- Anadene kang rusak
iku tanduran rami lan sair, marga saire lagi
metu wulene, lan ramine mbeneri kembang.
[32] Nanging mungguh gandum lan juwawut iku
ora nganti rusak, marga durung tumeka ing
titi mangsane. -- [33] Nabi Musa tumuli mundur
saka ing ngarsane Sang Prabu Pringon,
sawetune saka ing nagara banjur ngegarake
astane konjuk ing Pangeran Yehuwah, gludhug
lan udan es nuli leren, sarta udan wus ora
gumrojog ing bumi maneh.
[34] Bareng Sang Prabu Pringon mirsa, yen
udan, udan es lan gludhug wus padha leren,
tumuli nerusake anggone damel dosa, sarta
mangkotake panggalihe, iya panjenengane
iya para abdine. [35] Galihe Sang Prabu Pringon
tetep puguh, temah ora nglilani lungane wong
Israel, kaya kang wus dipangandikakake
dening Pangeran Yehuwah lumantar Nabi
Musa.

Wewelak kang kaping wolu: walang

10:1-20

10 [1] Pangeran Yehuwah banjur ngandika
marang Nabi Musa: “Sira sebaa marang
Pringon, dene Ingsun wus mangkotake
atine lan atine para abdine, supaya Ingsun
nindakake pratandha-pratandha ana ing
tengahe. [2] Sarta supaya sira bisa nyaritakake
marang anak-putunira apa kang wus
Suntindakake marang wong Mesir, lan
sakehe pratandha kang Suntindakake ana

ing antarane, supaya sira padha sumurupa
manawa Ingsun iki Yehuwah.”
3 Nabi Musa lan Rama Harun tumuli padha
sowan marang Sang Prabu Pringon sarta
matur: “Pangandikanipun Pangeran Yehuwah
Gusti Allahipun bangsa Ibrani makaten: Nganti
pira lawase anggonira ora gelem ngesorake
awak ana ngarsaningSun? UmatingSun
lilanana lunga saos pangabekti marang
Ingsun! 4 Dene samangsa sira ora gelem
nglilani lunga umatingSun, sesuk Ingsun
bakal ndhatengake walang ana ing tlatahira.
5 Walang mau bakal nutupi lumahe bumi
nganti ora katon lemahe, sarta bakal mangani
nganti entek sabarang kang isih kari kang
ora rusak marga anane udan es, dalasan
sakehe wit-witan kang thukul ana ing tanahira
iku bakal padha dimangsa nganti ludhes
kabeh. 6 Malah bakal ngebaki omahira, omahe
abdinira lan omahe wong Mesir kabeh, kaanan
kang kaya mangkono iku durung tau dialami
dening para leluhurira wiwit padha tumitah
ana ing bumi nganti saprene.” Nabi Musa
banjur mundur saka ing ngarsane Sang Prabu
Pringon.
7 Sawuse mangkono para abdine Sang
Prabu Pringon banjur munjuk marang
Sang Prabu: “Taksih pinten dangunipun
tiyang-tiyang punika anggenipun dados jiret
tumrap kita? Sumangga ta panjenengan
dalem lilani kemawon anggenipun sami
kesah saos pangabekti dhateng Pangeran
Yehuwah Gusti Allahipun. Punapa panjenengan

dalem dereng kraos, bilih tanah Mesir temtu
badhe risak?” 8 Nabi Musa lan Rama Harun
banjur kasowanake maneh marang ing
ngarsane Sang Prabu Pringon sarta padha
dipangandikani: “Wis padha lungaa saos
pangabekti marang Pangeran Yehuwah
Gusti Allahira. Sapa bae satemene kang
bakal padha lunga iku?” 9 Ature Nabi Musa:
“Kawula badhe sami kesah, ingkang enem
dalah ingkang sepuh, anak-anak kawula jaler
estri dalasan menda saha lembu kawula,
awitdene kawula sami badhe damel riyaya
konjuk ing ngarsaning Pangeran Yehuwah.”
10 Nanging Sang Prabu Pringon ngandika:
“Pangeran Yehuwah kareben nunggal karo
sira, yen ingsun nglilanana sira lunga dalah
anak-anakira. Lah sedyanira iku ala! 11 Iku ora
mangkono. Sira padha kena lunga, nanging
ngemungna wong lanang-lanang bae kang
saos pangabekti marang Pangeran Yehuwah,
rak iya mung iku ta kang dadi panyuwunira?”
Nabi Musa lan Rama Harun banjur ditundhung
saka ing ngarsane Sang Prabu Pringon.

12 Pangeran Yehuwah tumuli ngandika
marang Nabi Musa: “Tanganira ayatna
marang ing tanah Mesir, nekakna walang, lan
walang-walang mau ngebyuka ing sawratane
tanah Mesir lan mangana saanane tetuwuhan
sapira kang ora rusak marga anane udan es.”
13 Nabi Musa banjur ngayatake tekene marang
ing tanah Mesir, sarta Pangeran Yehuwah
tumuli ngigidake angin wetan marang tanah
kono nganti sadina muput lan sawengi natas,

bareng wayah esuk angin wetan mau nggawa
walang. 14 Walang-walang iku banjur mratani
satanah Mesir, kabeh padha neba ing satlatahe
Mesir nganti akeh banget; sadurunge iku
durung tau ana walang samono akehe lan
ing tembe iya bakal ora kelakon mangkono
maneh.

15 Sarehne walang-walang mau mratani
salumahe tanah kabeh, mulane nagarane dadi
peteng; walange padha mangani saanane
tetuwuhan lan pala-gumantung sisane udan
es, sakehe wit-witan lan tanem-tuwuh
ing satanah Mesir wus ora ana ijone
sathithik-thithika.

16 Sang Prabu Pringon tumuli enggal-enggal
nimbali Nabi Musa lan Rama Harun sarta
ngandika: "Ingsun wus gawe dosa marang
Pangeran Yehuwah Gusti Allahira lan marang
sira. 17 Kang iku sira ngapuraa dosaningsun
sapisan iki bae lan nyenyuwuna marang
Pangeran Yehuwah Gusti Allahira iku, supaya
karsaa nyingkirake bebaya pati iku saka
ingsun." 18 Nabi Musa banjur mundur saka ing
ngarsane Sang Prabu Pringon sarta ndedonga
marang Pangeran Yehuwah. 19 Pangeran
Yehuwah tumuli ngididake angin saka keblat
kang kosok-balen, yaiku angin kulon kang
banter banget, iku nggawa mumbul walange
kacemplungake ing sagara Teberau, nganti
ora ana walang siji bae kang kari ana tlatahe
tanah Mesir. 20 Nanging Pangeran Yehuwah
muguhake galihe Sang Prabu Pringon, temah
ora nglilani wong Israel padha lunga.

Wewelak kang kaping sanga: peteng ndhedhet

10:21-29

21 Pangeran Yehuwah tumuli ngandika
marang Nabi Musa: "Tanganira athungna
marang langit, nuli bakal ana pepeteng kang
nyrambahi tanah Mesir, nganti wong padha
gagap-gagap ing sajroning peteng mau."
22 Nabi Musa banjur ngathungake astane
menyang ing langit, temah ana peteng
ndhedhet ing satanah Mesir lawase telung
dina. 23 Ora ana wong kang bisa ndeleng
kancane, lan ora ana kang bisa mingsed saka
panggonane sajroning telung dina mau; mung
sakehe wong Israel padha tetep kapadhangan
ana ing papan panggonane.
24 Sang Prabu Pringon banjur nimbali
Nabi Musa sarta ngandika: "Wis padha
lungaa saos pangabekti marang Pangeran
Yehuwah, mung wedhusira lan sapinira aja
sira gawa, anak-anakira kang isih cilik-cilik
klilan melu." 25 Nanging ature Nabi Musa:
"Malah kurban sembelehan lan kurban obaran
punika leresipun panjenengan dalem ingkang
kedah maringi kawula, supados kawula
saged nyaosaken dhateng Pangeran Yehuwah
Gusti Allah kawula. 26 Dene raja-kaya inggih
badhe kawula bekta ugi, tracak satunggal
kemawon boten kenging kantun; awitdene
inggih panunggilanipun punika ingkang badhe
kawula damel saos pangabekti dhateng

Pangeran Yehuwah Gusti Allah kawula; kawula
sami boten sumerep punapa ingkang kedah
kawula saosaken dhateng Pangeran Yehuwah,
saderengipun kawula dumugi ing ngrika.”
27 Nanging Pangeran Yehuwah mangkotake
galihe Sang Prabu Pringon, temahan ora
nglilani lungane para umat. 28 Sang Prabu
Pringon banjur ngandika: “Wis mundura saka
ing ngarsaningsun, dingati-ati, poma sira aja
ngaton maneh ana ing ngarsaningsun, sabab
samangsa sira ngaton, mesthi sira bakal mati.”
29 Nabi Musa nuli matur: “Kasinggihan dhawuh
dalem, kawula badhe boten ngatingal wonten
ngarsa dalem malih!”

Wewelak kang kaping sapuluh diumumake

11:1-10

11 1 Pangeran Yehuwah ngandika marang
Nabi Musa: “Ingsun bakal ndhatengake
wewelak sapisan engkas marang Pringon lan
marang tanah Mesir, sawuse mangkono mesthi
bakal nglilani sira lunga saka ing kene. Dene
samangsa wus nglilani lunganira, sira malah
padha dipeksa-peksa metu saka ing nagara
kene. 2 Kang iku sira ndhawuhana marang
umat, supaya saben wong lanang njaluka
marang tanggane barang dandanan mas lan
selaka, mangkono uga saben wong wadon
marang tanggane!” 3 Pangeran Yehuwah
tumuli ndadekake wong Mesir padha atindak
loma marang bangsa iku, lan maneh Nabi

Musa iku kajen banget ana ing tanah Mesir,
ana ngarepe para abdine Sang Prabu Pringon
lan para kawulane.
4 Nabi Musa munjuk mangkene:
“Pangandikanipun Pangeran Yehuwah
makaten: Ing wayah tengah wengi Ingsun
bakal tindak ndlajahi tanah Mesir. 5 Nuli
sakehe, anak pembarep ing tanah Mesir bakal
padha mati, wiwit pembarepe Pringon kang
bakal lungguh ing dhampare nganti tekan
pembarepe batur wadon kang ngadhep watu
panggilingan, uga sakehe pembarepe kewan.
6 Sarta ing satanah Mesir bakal ana udan
tangis kang luwih dening ngeres-eresi, kang
durung tau kelakon lan kang bakal ora kelakon
maneh. 7 Nanging marang wong Israel sapa
bae, ora ana asu siji-sijia kang wani mbaung,
dadia marang manungsa utawa marang
kewan, supaya sira padha sumurupa yen
Pangeran Yehuwah mbedakake wong Mesir
lan wong Israel. 8 Ing ngriku sakathahing para
abdi dalem badhe sami ndhatengi kawula
kaliyan sumungkem sarta wicantenipun:
Sumangga panjenengan tindak, panjenengan
dalah sadaya ingkang ndherek panjenengan.
Sasampunipun makaten kawula lajeng badhe
kesah.” Nabi Musa banjur mundur saka ing
ngarsane Sang Prabu Pringon klawan duka
banget.
9 Pangeran Yehuwah ngandika marang
Nabi Musa mangkene: “Pringon ora bakal
ngrungokake sira, supaya kaelokaningSun
mundhaka akeh ana ing tanah Mesir.” 10 Nabi

Musa lan Rama Harun wus padha nindakake
sakehe kaelokan iku ana ngarsane Sang
Prabu Pringon. Nanging Pangeran Yehuwah
mangkotake galihe Sang Prabu Pringon, temah
ora nglilani wong Bani Israel padha metu saka
ing nagarane.

Bab riyaya Paskah

12:1-28

12 [1] Pangeran Yehuwah tumuli ngandika
marang Nabi Musa lan Rama Harun
ana ing tanah Mesir: [2] "Sasi iki tumrap sira
bakal dadi wiwitane sakehing sasi; iku bakal
dadi sasi kapisan saben taun tumrap sira.
[3] Sira ndhawuhana marang pasamuwane
Israel kabeh mangkene: Ing tanggal sapuluh
sasi iki, saben wong nyepakna cempe siji,
iku saben brayat; saben omah siji cempe siji.
[4] Nanging saupama cempe siji iku kakehan
kanggo brayat siji, iku wonge nglumpuka
karo tanggane kang cedhak miturut jiwane.
Mungguh cempe iku kira-kiranen sapira
tadhahe siji-sijine wong. [5] Cempe mau kudu
lanang, tanpa cacad, umure sataun, kena
milih wedhus gembel utawa wedhus lumrah.
[6] Cempe mau pisahen dhewe nganti tanggal
ping patbelas sasi iki, nuli kasembeleha dening
sagolonganing pasamuwane Israel ing wayah
sore. [7] Getihe salong kajupuka kausarna ing
dhempele lawang karo pisan kiwa-tengen lan
ing ndhuwure, ing saben omah kang dianggo
mangan cempe iku. [8] Daginge kudu padha

dipangan ing bengi iku uga, kapanggang,
pamangane karo roti tanpa ragi lan jangan
pait. 9 Ora kena dipangan mentahan utawa
godhogan; mesthi panggangan tekan endhase,
sikile dalah jeroane pisan. 10 Iya ora kena
nganti turah tekan esuk; apa kang isih turah,
esuke kudu diobong! 11 Patrape mangan iku
mangkene: lambungmu sabukana, sikilmu
nganggoa trumpah lan tanganmu nyekela
teken, anggonmu mangan kanthi rerikatan,
iku Paskahe Pangeran Yehuwah.
12 Awitdene ing bengi iku Ingsun bakal
tindak ndlajahi tanah Mesir, lan sakehe anak
pembarep, iya anake manungsa dalah anake
kewan, bakal Sunpateni, mangkono uga
sakehe allahe wong Mesir bakal Sunpatrapi
paukuman, Ingsun iki Yehuwah. 13 Lah getih
iku dadia tengeran ana ing omah kang sira
enggoni. Samangsa Ingsun mirsani getih
mau, tindakingSun bakal nglangkungi, temah
ing antaranira bakal ora ana wewelak kang
mbilaeni, samangsa Ingsun nggebag marang
tanah Mesir. 14 Anadene dina iku dadia dina
pangeling-eling tumrap sira, padha sira
dadekake riyaya sumaos marang Pangeran
Yehuwah turun-temurun. Padha riyayakna,
dadekna pranatan kanggo ing salawase.
15 Pitung dina lawase sira mangana roti tanpa
ragi; dina kang kapisan sira padha nyingkirna
sakehe ragi saka ing omahira, amarga saben
wong kang mangan sadhengah apa kang
mawa ragi wiwit ing dina kapisan tumeka ing

dina kang kapitu, wong iku kasirnakna saka
ing satengahe Israel.
[16] Sira nganakna kumpulan kang suci,
ing dina kang kapisan, mangkono uga ing
dina kang kapitu; ing dina loro iku ora
kena wong nyambut gawe apa-apa, kejaba
mung apa kang perlu padha dipangan,
mung iku kang kena sira cawisake. [17] Dadi
sira padha netepana riyaya roti tanpa ragi,
awitdene iya ing dina iku uga anggoningSun
ngentasake golonganira saka ing tanah Mesir.
Mulane dina iku mau kudu sira riyayakake
turun-tumurun, dadia pranatan kanggo ing
salawase. [18] Ing sasi kapisan tanggale ping
patbelas wayah sore, sira mangana roti
tanpa ragi, nganti tumeka tanggal selikur
wayah sore. [19] Sajroning pitung dina lawase
ora kena ana ragi ing omahira, sing sapa
mangan sadhengah kang mawa ragi, wong iku
kasirnakna saka ing pasamuwane Israel, dadia
wong bangsa liya, dadia wong bumi. [20] Apa
bae kang mawa ragi aja sira pangan; ana ing
ngendi bae dunungira sira mangana roti tanpa
ragi."
[21] Nabi Musa tumuli nimbali sakehe tuwa-
tuwane Israel sarta padha didhawuhi: "Padha
lungaa, njupuka wedhus kanggo brayat-brayat
reh-rehanmu, banjur padha nyembeleha
cempening Paskah. [22] Nuli padha njupuka
isop sabentel, celupna ing getih kang ana ing
bokor, lan getih mau oser-oserna ing dhempele
lawang kiwa-tengen lan ing ndhuwur;
karodene sadhengah wong panunggalanmu

ora kena metu saka lawang nganti tumeka
wayah esuk. 23 Sabab Pangeran Yehuwah bakal
ndlajahi tanah Mesir ndhawahake wewelak.
Samangsa mirsa getih ana ing dhempeling
lawang kang sisih ndhuwur lan kiwa-tengen,
Pangeran Yehuwah bakal nglangkungi lawang
iku, lan ora nglilani juru panumpes lumebu ing
omahmu nibakake wewelak.
24 Prakara iku padha tetepana, gawenen
pranatan kanggo kowe dhewe lan kanggo
anak-putumu ing salawase. 25 Besuk samangsa
kowe wus padha lumebu ing tanah kang
bakal kaparingake dening Pangeran Yehuwah
marang kowe, kaya kang wus dadi prasetyane,
tatanan pangibadah iki tetepana! 26 Dene
manawa anak-anakmu padha takon marang
kowe: Punapa tegesipun pangibadah punika?,
27 tumuli padha wangsulana: Iku kurban
Paskah sumaos marang Pangeran Yehuwah,
kang nglangkungi omah-omahe wong Israel
ana ing tanah Mesir, nalikane wong Mesir
katibanan wewelak, nanging omah-omah kita
diayomi.” Wong akeh banjur padha tumelung
lan sumungkem sujud. 28 Wong Israel banjur
padha lunga sarta nglakoni sadhawuhe
Pangeran Yehuwah marang Nabi Musa lan
Rama Harun. Kaya mangkono wong-wong
mau anggone padha ngestokake.

Wewelak kang kaping sapuluh: anak pembarep mati. Wong Israel metu saka ing Mesir

12:29-42

29 Kacarita bareng tengah wengi Pangeran
Yehuwah mateni saben anak pembarep ing
tanah Mesir, wiwit pembajenge Sang Pringon
kang calon nglenggahi keprabon, nganti
tekan pembarepe wong tahanan kang ana ing
pakunjaran, dalah sakehe pembarepe kewan.
30 Ing bengi iku Sang Prabu Pringon banjur
wungu, samono uga para abdine lan sakehe
wong Mesir, sarta keprungu panjerite wong
Mesir, sabab ora ana omah siji-sijia kang ora
kepaten.
31 Bengi iku uga Sang Prabu Pringon nimbali
Nabi Musa lan Rama Harun, dhawuhe: "Sira
padha mangkata, metua saka antarane
bangsaningsun, iya sira, iya wong Israel
kabeh, wis padha lungaa, saosa pangabekti
marang Pangeran Yehuwah, kaya kang wus
dadi panyuwunira. 32 Wedhus lan sapinira
padha sira gawanana, kaya kang dadi aturira,
gek endang padha lungaa lan ingsun suwunna
berkah." 33 Anadene wong Mesir iya padha
neseg kanthi adreng marang bangsa iku,
supaya padha enggala lungga saka ing tanahe,
awitdene pangucape: "Mengko kita kabeh
mesthi padha mati!"
34 Bangsa iku anggone nggawa jladrene
durung nganti dirageni, dadi jladren

sawadhahe dibuntel ing rimonge sumampir
ana ing pundhake. 35 Wong Israel iya padha
nurut marang dhawuhe Nabi Musa, padha
njaluki barang dandanan mas lan selaka
duweke wong Mesir apadene sandhangan.
36 Dhasar Pangeran Yehuwah kang ndadekake
wong Mesir padha atindak loma marang
bangsa iku, temah padha nuruti sapanjaluke.
Dadine wong Mesir prasasat dijarah-rayah.
37 Sawuse mangkono wong Israel tumuli
padha budhal saka ing Raamses menyang
Sukkot, cacahe wong lanang kang mlaku
dharat kira-kira ana nem atus ewu, durung
bocah-bocahe. 38 Lan uga ana wong bangsa
liya warna-warna kang padha melu, mangkono
uga wedhus lan sapi akeh banget.
39 Mungguh jladren anggone nggawa saka
ing tanah Mesir mau diolah digawe roti bunder
tanpa ragi, marga jladrene ora nganggo
dirageni, sabab metune saka tanah Mesir ora
bisa kanti lon-lonan, temah ora nganti kober
nyawisake sangu.
40 Mungguh pamanggone Israel ana ing tanah
Mesir iku lawase patang atus telung puluh
taun.
41 Sawuse patang atus telung puluh taun,
mbeneri dina iku, kelakon sakehe wadya-
balane Pangeran Yehuwah padha budhal
saka ing tanah Mesir. 42 Bengi iku bengi
lek-lekan kagem Pangeran Yehuwah, marga
padha dientasake saka ing tanah Mesir; iya
bengi lek-lekan kanggo sakehe wong Israel

turun-tumurun kagem kamulyaning Pangeran Yehuwah.

Pranatan riyaya Paskah liya-liyane

12:43-51

43 Pangeran Yehuwah ngandika marang
Nabi Musa lan Rama Harun: “Iki pranatan
Paskah. Wong bangsa liya ora kena melu
mangan. 44 Dene sadhengah batur tukon
iku lagi kena melu mangan angger wus sira
tetaki. 45 Wong numpang lan wong buruh iya
ora oleh melu mangan. 46 Paskah iku kudu
dipangan ana ing sawijining omah, daginge
ora kena digawa metu menyang ing sajabane
omah sathithik-thithika, lan balunge aja sira
coklek siji-sijia. 47 Sapasamuwane Israel kabeh
kudu ngriyayake. 48 Nanging manawa ana
bangsa liya kang tetep pamanggone ana ing
tengahira lan sumedya ngriyayakake Paskah
kagem Pangeran Yehuwah, iku saben wong
lanang kang ana ing omahe kudu ditetaki
dhisik, sawuse lagi kena melu ngriyayakake,
wong iku bakal dianggep wong asli, nanging
wong ikutan ora kena melu mangan. 49 Mung
ana pranatan siji kanggo wong asli lan wong
bangsa liya kang neneka ana ing tengahira.”
50 Anadene sakehe wong Israel padha
nglakoni kaya kang didhawuhake dening
Pangeran Yehuwah marang Nabi Musa
lan Rama Harun. 51 Lan trep ing dina
iku uga Pangeran Yehuwah ngentasake

wong Israel saka ing tanah Mesir miturut
sagolongan-golongane.

Pranatan bab anak pambarep

13:1-16

13 [1] Pangeran Yehuwah ngandika marang
Nabi Musa: [2] "Sakehe anak pambarep
iku sira sengkera sumaos marang Ingsun; endi
kang lair dhisik saka sadhengah kandhutan
ana ing antarane wong Israel, dadia manungsa
utawa kewan, iku kagunganingSun."
[3] Nabi Musa banjur dhawuh marang para
umat: "Dina iki padha pengetana, marga
ing dina iki kowe padha metu saka ing
tanah Mesir, saka ing pangawulan; awitdene
Pangeran Yehuwah anggone wus ngentasake
kowe klawan asta kang rosa, mulane aja
mangan sadhengah apa kang mawa ragi.
[4] Ing dina iki kowe padha metu, mbeneri sasi
Abib. [5] Samangsa Pangeran Yehuwah wus
ngirid kowe lumebu ing tanahe wong Kanaan,
wong Het, wong Amori, wong Hewi lan wong
Yebus, nagara kang wus diprasetyakake
klawan supaos marang para leluhurmu bakal
kaparingake marang kowe, tanah kang luber
puwan lan madu, nuli kowe padha netepana
pranatan iki, ing sajroning sasi mangkene iki
uga. [6] Pitung dina lawase kowe mangan roti
tanpa ragi, ing dinane kang kapitu nganakna
riyaya sumaos marang Pangeran Yehuwah.
[7] Sajroning pitung dina mau kang dipangan
ngemungna roti tanpa ragi, lan sadhengah apa

kang mawa ragi utawa kang arupa ragi, ing
satlatahmu kabeh aja nganti ana wong kang
kanggonan.
8 Karomaneh ing dina iku kowe nerangna
marang anakmu lanang: Pangibadah iki
kanggo pangeling-eling marang apa kang
wus ditandukake dening Pangeran Yehuwah
marang aku nalika aku metu saka ing tanah
Mesir. 9 Pranatan iki dadia pratandha ana
ing tanganmu, lan tetenger pangeling-eling
ana ing bathukmu, supaya angger-anggere
Pangeran Yehuwah ana ing lambemu. Awitdene
klawan asta kang rosa Pangeran Yehuwah
anggone ngentasake kowe saka ing tanah
Mesir. 10 Pranatan iki tetepana ing waktu kang
wus ditemtokake saben taun.
11 Samangsa Pangeran Yehuwah wus ngirid
lakumu lumebu ing tanahe bangsa Kanaan,
kaya kang wus diprasetyakake klawan supaos
marang kowe lan marang para leluhurmu,
lan samangsa tanah iki wus kaparingake
marang kowe, 12 nuli kowe nyaosna marang
Pangeran Yehuwah sadhengah kang lair dhisik
dhewe saka ing guwa-garba, dalah sakehe
pambarepe kewanmu, sapira kang lanang
iku dadi kagunganing Pangeran Yehuwah.
13 Nanging saben belone kuldi kang pambarep
iku tebusen nganggo wedhus gembel siji,
manawa ora koktebus, cokleken cengele.
Nanging sakehe pambarepe manungsa kang
lanang iku kudu koktebus. 14 Anadene manawa
besuk samangsa anakmu takon marang
kowe: Punika tegesipun kadospundi? Banjur

tuturana mangkene: Pangeran Yehuwah wus
ngentasake kita saka ing tanah Mesir, saka ing
pangawulan klawan asta kang rosa. 15 Marga
nalika Sang Prabu Pringon mangkotake
galihe ora nglilani kita padha lunga, Pangeran
Yehuwah tumuli mateni sakehe pambarep
ing Mesir, wiwit pambarepe manungsa nganti
tekan pambarepe kewan; mulane sakehe
pambarepe kewan kang lanang dikurbanake,
nanging saben anakku pambarep kang lanang
iku daktebus. 16 Pranatan iku dadia pratandha
ana ing tanganmu, lan tetenger ing bathukmu,
awitdene klawan asta kang rosa Pangeran
Yehuwah anggone ngentasake kita saka ing
tanah Mesir."

Gusti Allah ngirid umate

13:17-22

17 Kacarita bareng Sang Prabu Pringon wus
nglilani wong Israel lunga, Gusti Allah anggone
ngirid lakune ora metu ing dalan kang anjog
ing tanahe bangsa Filisti, sanadyan dalan iku
kang cedhak dhewe, sabab pangandikane:
"Bangsa iku manawa katempuh ing perang
aja nganti keduwung, temah padha bali
menyang ing Mesir." 18 Nanging Gusti Allah
anggone ngirid bangsa iku dienggokake metu
pasamunan saurute sagara Teberau. Wong
Israel anggone padha budhal saka ing tanah
Mesir, kalawan siyaga ing perang. 19 Nabi Musa
iya mbekta balung-balunge Sang Yusuf, marga
iku wus mundhut sumpahe para putrane Rama

Israel, pangandikane: "Besuk Gusti Allah
mesthi nuweni kowe, nuli balung-balungku
gawanen metu saka ing kene." [20] Sawuse
mangkat saka ing Sukkot, banjur padha leren
ana ing Etam, ing pinggir pasamunan, [21] dene
Gusti Allah tindak ana ing ngarepe, ing wayah
awan ana ing tugu mega kang diagem nuntun
lakune, lan ing wayah bengi ana ing tugu geni
kang diagem madhangi, supaya padha bisa
mbanjurake lakune rina lan wengi. [22] Tugune
mega ing wayah awan lan tugune geni ing
wayah bengi ora tau gumingsir saka ing
ngarepe bangsa iku.

Tumindake Sang Prabu Pringon kang wekasan

14:1-14

14 [1] Pangeran Yehuwah banjur ngandika
marang Nabi Musa: [2] "Wong Israel iku
padha sira prentahana supaya bali lan nuli
padha lerena ana sawetane Pi-Hakhirot ing
saantarane Migdol karo sagara, kaprenah
penere Baal-Zefon ing pinggir sagara. [3] Ing
kono pringon bakal ngarani yen Israel padha
bingung kesasar ana ing nagara kene, padha
kapepetan ing pasamunan. [4] Ingsun bakal
muguhake atine Pringon, temah bakal nututi
marang para umat. Lan Ingsun bakal nedahake
kamulyaningSun marang Pringon sabalane,
satemah wong Mesir bakal padha sumurup yen
Ingsun iki Pangeran Yehuwah." Wong Israel iya
banjur padha nglakoni mangkono.

5 Bareng Sang Prabu Pringon kaunjukan
pawarta, yen bangsa iku wus minggat,
nuli Sang Prabu Pringon salin panggalihe,
mangkono uga para abdine tumrap bangsa iku
lan padha sapocapan: “Yagene kita kok padha
nglakoni mangkono? Nganti nglilani Israel
padha lunga, dadi wus ora ngawula marang
kita?” 6 Sang Prabu Pringon banjur ngrakit
kretane sarta ngumpulake wadya-balane,
7 mbekta kreta pilihan nematus, malah
sakehe kreta satanah Mesir kabeh, padha
ditunggangi dening para panggedhening
prajurit. 8 Mangkono Pangeran Yehuwah
anggone muguhake galihe Sang Prabu
Pringon, raja ing Mesir itu, temah banjur nututi
wong Israel, nanging wong Israel lumaku terus
kalawan katuntun dening asta kang luhur.

9 Anadene wong Mesir, sakehe jaran lan
kretane Sang Prabu Pringon, prajurit jaranan
lan wadya-balane, padha nututi wong Israel,
anggone katututan nalika padha leren ana
ing pinggir sagara, cedhak Pi-Hakhirot ing
sangarepe Baal-Zefon. 10 Bareng Sang Prabu
Pringon wus cedhak, wong Israel padha
sumurup yen bala Mesir padha nututi, temah
padha banget wedine, ing kono wong Israel
padha sambat-sambat marang Sang Yehuwah,
11 sarta ature marang Nabi Musa: “Punapa
amargi ing Mesir boten wonten kuburanipun,
kula kok lajeng panjenengan bekta, supados
sami pejah wonten ing pasamunan punika?
Punapaa dene kula sami panjenengan damel
makaten, panjenengan irid medal saking

tanah Mesir? 12 Kula rak sampun sami matur
dhateng panjenengan wonten ing Mesir: Kula
mugi panjenengan kendelaken kemawon,
kajengipun kula sami ngawula dhateng tiyang
Mesir tinimbang kaliyan pejah wonten ing
pasamunan punika.”
13 Nanging pangandikane Nabi Musa marang
bangsa iku: “Aja kuwatir, padha ditatag,
lan delengen pangluwaran kang saka ing
Pangeran Yehuwah, kang bakal diparingake
marang kowe ing dina iki, amarga wong Mesir
kang padha kokdeleng ing dina iki, iku bakal
ora kokdeleng maneh ing salawas-lawase.
14 Pangeran Yehuwah kang bakal nyarirani
perang nyulihi kowe, dene kowe bakal padha
meneng bae.”

Nyabrang ing sagara Teberau

14:15-31

15 Pangeran Yehuwah ngandika marang Nabi
Musa: “Yagene sira sesambat marang Ingsun?
Wong Israel padha prentahana supaya padha
mbanjurake lakune. 16 Dene mungguh sira,
angkaten tekenira lan acungna marang ing
sadhuwure sagara, piyaken banyune; supaya
wong Israel padha lumaku ana ing gasikan ing
tengahe sagara. 17 Dene Ingsun, lah Ingsun
bakal muguhake atine wong Mesir, temah
padha nututi wong Israel, sarta Ingsun bakal
nedahake kaluhuraningSun marang Pringon
sabalane, kretane sarta balane jaranan. 18 Ing
kono wong Mesir bakal padha sumurup yen

Ingsun iki Yehuwah, yaiku samangsa Ingsun
wus nedahake kaluhuraningSun marang
Pringon, kretane lan wadya-balane jaranan."
19 Sang Malaekate Gusti Allah kang maune
tindak ana ngarepe bala Israel, banjur pindhah
tindak ana ing burine, lan tugu mega iya
mangkono uga, mingsed saka ngarep banjur
ngadeg ana ing burine. 20 Mangkono dadine
tugu mega mau mapan ana ing antarane bala
Mesir lan bala Israel. Sarehne tugu mega
mau njalari peteng, mulane kang siji ora bisa
nyedhaki sijine, ing sajroning sawengi iku.
21 Nabi Musa banjur ngayatake astane
marang ing sadhuwure sagara, Pangeran
Yehuwah tumuli ndadekake banyune larud
marga saka angin wetan kang banter nganti
sawengi natas, sagarane dadi gasik, banyune
kapiyak. 22 Dadine wong Israel banjur padha
metu tengahing sagara lumaku ana ing
gasikan; dene banyune prasasat tembok kang
ngamping-ampingi ing kiwa lan tengene.
23 Bala Mesir banjur ngoyak nututi, sakehe
jaran lan kretane Sang Prabu Pringon tuwin
balane jaranan padha lumaku nganti tekan ing
satengahe sagara. 24 Bareng wayah bangun
esuk, Pangeran Yehuwah mirsani wadya-bala
Mesir saka ing tugu geni lan mega, bala
Mesir mau tumuli dikisruhake. 25 Rodhane
kreta didadekake miring njalari rekasa banget
majune, temah wong Mesir banjur padha
sapocapan: "Payo padha lumayu bae ninggal
wong Israel, awitdene Pangeran Yehuwah kang
nyarirani perange nglawan wong Mesir."

26 Pangeran Yehuwah tumuli ngandika
marang Nabi Musa: "Tanganira acungna
ing sadhuwure sagara, supaya banyune
nangkeb pulih ngelebi wong Mesir dalah kreta
lan balane jaranan." 27 Nabi Musa tumuli
ngacungake astane ing sadhuwure sagara,
bareng esuk banyune pulih kaya maune. Wong
Mesir padha lumayu papagan karo baline
banyu; kaya mangkono anggone Pangeran
Yehuwah nglelebake wong Mesir ing tengahing
sagara. 28 Marga banyu mau bareng tempuk
pulih kaya maune nglelebake kreta lan balane
jaranan sabalane Sang Prabu Pringon kabeh,
kang padha nututi mlebu ing sagara; ora ana
wonge siji-sijia kang isih urip. 29 Balik lakune
wong Israel iku lestari ana ing gasikan ing
satengahe sagara, sarta banyune prasasat
dadi tembok ngamping-ampingi ana ing kiwa
lan tengene. 30 Mangkono Pangeran Yehuwah
ing dina iku anggone ngluwari wong Israel
saka ing tangane wong Mesir, dene wong
Israel padha ndeleng wong Mesir wus padha
mati ngglasah ana pinggir sagara. 31 Wong
Israel bareng nyipati gedhening pandamele
Pangeran Yehuwah kang ditandukake marang
wong Mesir, bangsa iku nuli padha wedi
marang Pangeran Yehuwah sarta kumandel
marang Pangeran Yehuwah lan marang Nabi
Musa abdine.

Kidung pamujine Israel

15:1-21

15 1 Ing kono Nabi Musa lan wong Israel
padha ngrepekake kidung konjuk
marang Pangeran Yehuwah, mangkene:
"Dakngidung konjuk ing Pangeran Yehuwah,
awit linuwih kaluhurane
jaran lan kang nunggangi padha
kacemplungake ing sagara.
2 Pangeran Yehuwah iku kakuwatanku lan
masmurku,
kang dadi kaslametanku.
Panjenengane iku Gusti Allahku kang
dakalembana,
Panjenengane iku Gusti Allahe bapakku
kang dakluhurake.
3 Pangeran Yehuwah iku prawira ing perang;
Yehuwah, yaiku asmane.
4 Kretane Sang Prabu Pringon lan balane
dicemplungake ing sagara,
para prawirane kang pilihan
padha diklelebake ana ing sagara Teberau.
5 Padha katutupan ing samodra gedhe,
kelem prasasat watu ana ing banyu kang
jero.
6 Dhuh Yehuwah, asta Paduka tengen punika
mulya margi saking pangwaos Paduka
dhuh Yehuwah, asta Paduka tengen punika
ngremuk mengsah.
7 Margi saking kaluhuran Paduka ingkang
agung,

Paduka ngrebahaken ingkang sami nglawan Paduka;
Paduka nglepasaken latuning bebendu Paduka
ingkang mangsa tiyang-tiyang wau kados bonggol gandum.
8 Sarana pangempusing grana Paduka, toya ngantos sami tumpuk-undhung
sadaya ilen-ilen sami ngadeg jejeg kados bendungan.
Samodra-agung sami njendhel wonten ing tengahipun samodra.
9 Ujaripun mengsah: Dakburune, dakandum rayahan;
hawanepsuku daksokne marang wong-wong iku,
pedhangku dakunuse;
bakal padha katumpes dening tanganku.
10 Paduka lajeng ndhatengakaken prahara, temah sami katutupan ing saganten;
sami kelem kados timah wonten ing toya ingkang ngedab-edabi.
11 Dhuh Yehuwah, panunggilanipun para allah
sinten ingkang nyameni Paduka;
sinten ingkang kados Paduka, mulya margi saking kasucen Paduka,
ngajrih-ajrihi awit saking pakaryan Paduka ingkang misuwur?
Paduka nindakaken kaelokan.
12 Paduka ngegaraken asta Paduka tengen;
temah lajeng sami inguntal dening bumi.
13 Kalayan sihsusetya Paduka, anggen Paduka ngirid umat tetebusan Paduka;

saha Paduka tuntun lampahipun sarana
kasekten Paduka dhateng ing padaleman
Paduka ingkang suci.
14 Para bangsa sami mireng temah inggih
sami gumeter;
makaten ugi ingkang sami manggen ing
tanah Filisti sami kraos giris.
15 Ing wekdal punika para pangageng ing
Edom sami geger,
para pangwaos ing Moab sami kataman
ing giris;
tiyang isinipun tanah Kanaan sami
gumeter.
16 Sami kataman miris lan ajrih,
ngantos kaken kados sela amargi saking
agungipun asta Paduka,
dhuh Yehuwah, inggih ngantos dumugi ing
samentasipun umat Paduka,
ngantos samentasipun umat ingkang
Paduka dadosaken kagungan Paduka
punika.
17 Punika Paduka asta saha Paduka tanem
wonten ing redi kagungan Paduka
piyambak,
ing panggenan ingkang Paduka agem
dados padaleman Paduka, dhuh Yehuwah;
ing pasucen yasaning asta Paduka, dhuh
Pangeran.
18 Pangeran Yehuwah ingkang ngereh
langgeng ing salami-laminipun."
19 Nalika jarane Sang Prabu Pringon lan
kretane dalah balane jaranan padha mlebu ing
sagara, nuli Pangeran Yehuwah nangkebake

banyune sagara maneh, temah padha kleleb,
balik wong Israel padha ngambah gasikan
ana ing tengahe sagara. [20] Ing kono Ibu
Miryam, nabi putri, sadhereke Rama Harun,
banjur ngasta terbang, kadherekake sakehe
wong wadon karo ngunekake terbang padha
jejogedan. [21] Ibu Miryam tumuli ngidung
mimpin para wong wadon mau, wiraose:

"Padha ngidungna kagem Pangeran Yehuwah,
awit linuwih kaluhurane,
jaran lan kang nunggangi padha
dicegurake ing sagara."

Ana ing Mara lan ing Elim

15:22-27

[22] Sawuse mangkono Nabi Musa tumuli
ngangkatake wong Israel saka ing sagara
Teberau menyang ing pasamunan Syur;
anggone lumaku ana ing pasamunan nganti
telung dina ora oleh banyu. [23] Banjur padha
tekan ing Mara, nanging banyu ing Mara
kono ora kena diombe, marga pait, mulane
panggonan kono iku katelah aran Mara.
[24] Wong akeh tumuli padha ngedumeli marang
Nabi Musa, pangucape: "Ingkang sami kula
ombe punapa?" [25] Nabi Musa banjur sesambat
marang Pangeran Yehuwah, Pangeran
Yehuwah tumuli nedahi sawijining kayu,
iku banjur dicemplungake ing banyu mau,
sanalika banyune dadi tawa. Ana ing kono
banjur padha diparingi katetepan lan pranatan
sarta padha dicoba dening Pangeran Yehuwah,

[26] pangandikane: “Manawa sira padha
ngrungokake marang dhawuhing Pangeran
Yehuwah Gusti Allahira kanthi temen-temen,
lan nglakoni apa kang bener ana ing paningale,
sarta nilingake kupingira marang dhawuhe,
apadene tansah nindakake sakehe katetepane,
mesthi sira ora bakal Sunganjar sadhengah
lelara kang wus Suntandukake marang wong
Mesir, awitdene Ingsun iki Yehuwah kang
nyarasake sira.”
[27] Sawuse mangkono banjur padha tekan ing
Elim, ing kono ana sendhange rolas lan wit
kurma pitung puluh, banjur padha leren ing
sandhinge sendhang-sendhang mau.

Manna. Bab dina Sabat

16:1-36

16 [1] Sawuse padha budhalan saka ing Elim,
sagolongane wong Israel kabeh padha
tekan ing pasamunan Sin, kang kaprenah ana
ing saantarane Elim lan gunung Sinai, mbeneri
tanggal limalas sasi kang kapindho, saangkate
saka ing tanah Mesir.
[2] Ana ing pasamunan kono iku, sagolongane
wong Israel banjur padha ngedumeli marang
Nabi Musa lan Rama Harun, [3] ature: “Adhuh,
punapaa kula boten sami pejah kemawon
dening astaning Pangeran Yehuwah wonten
ing tanah Mesir, nalika sami ngadhep kuwali isi
daging sarta roti ngantos tuwuk? Awit anggen
panjenengan ngirid kula dhateng pasamunan

punika, murih kula sapasamuwan punika sami
pejah sadaya, margi saking kaliren.”
4 Ing kono pangandikane Pangeran Yehuwah
marang Nabi Musa: Ingsun bakal ngudanake
roti saka langit kanggo sira, nuli wong-wong
iku bakal padha metu ngukupi tadhahe ing
saben dina, sarta padha Suncoba, apa bakal
nglakoni angger-anggeringSun apa ora. 5 Dene
ing dina kaping nem, samangsa ngolah apa
kang di kukup, iku bakal tikel lorone tinimbang
kang dikukup saben dinane.”
6 Nabi Musa lan Rama Harun banjur padha
ngandika marang wong Israel kabeh: “Mengko
sore kowe bakal padha sumurup yen kang
ngentasake kowe saka ing tanah Mesir iku
Pangeran Yehuwah. 7 Lan sesuk kowe bakal
padha weruh kaluhuraning Pangeran Yehuwah,
marga panggrundelmu wus dipirsani. Sabab
aku iki apa, dene kowe padha nggrundeli
marang aku?” 8 Pangandikane Nabi Musa
maneh: “Yen mengko sore kowe padha
diparingi daging dening Pangeran Yehuwah
lan sesuke diparingi roti nganti wareg,
iku awit Pangeran Yehuwah wus miyarsa
panggrundelmu kang padha koktujokake ing
Panjenengane. Aku iki apa ta? Dudu aku kang
kokkedumeli iku, nanging Pangeran Yehuwah.”
9 Nabi Musa banjur ngandika marang Rama
Harun: “Tutura marang sapasamuwane
Israel kabeh: Padha sowana kabeh marang
ing ngarsaning Sang Yehuwah, awit Sang
Yehuwah wus miyarsa ing panggrundelmu.”
10 Kacarita nalika sapasamuwane Israel lagi

dipangandikani dening Rama Harun, tumuli
padha madhep marang ing pasamunan, lah
cahya kamulyaning Sang Yehuwah ngatingal
ana ing megane.
11 Pangeran Yehuwah banjur ngandika
marang Nabi Musa: 12 "Ingsun wus miyarsa
panggrundele wong Israel; padha tuturana
mangkene: Ing wayah sore sira bakal padha
mangan daging lan ing wayah esuk bakal
padha wareg mangan roti, temah sira bakal
padha sumurup yen Ingsun iki Yehuwah
Allahira."
13 Kacarita bareng wayah sore nuli ana
manuk gemak gegrombolan teka nglimputi ing
tarub-tarube, lan bareng esuk ing saubenge
tarub kebunan. 14 Bareng ebune wus nguwab,
lah ing lumahe pasamunan ana wewujudan
lembut las-lasan kaya sisik, lembute kaya
ebun njendhel ing bumi. 15 Bareng wong
Israel weruh banjur padha takon-takonan:
"Apa iku?" Marga padha ora sumurup iku
apa? Nabi Musa tumuli ngandika: "Iya iku
roti peparinge Pangeran Yehuwah minangka
panganmu. 16 Kowe padha kadhawuhan
dening Pangeran Yehuwah mangkene: Sira
ngukupana iku, siji-sijine wong miturut
tadhahe dhewe-dhewe; saben wong njupuka
kanggo brayate, wong siji sagomer, saben
brayat njupuka miturut jiwane."
17 Wong Israel iya banjur padha nglakoni
mangkono, anggone ngukupi ana kang akeh,
ana kang sathithik. 18 Samono iku bareng
ditaker nganggo gomer, kang ngukup akeh ora

turah lan kang ngukup sathithik ora kurang.
Saben wong pangukupe manut tadhahe.
19 Nabi Musa ngandika marang wonw-
wong mau: “Aja ana kang ngengehake
kanggo sesuke.” 20 Ewadene ana kang ora
nggugu marang dhawuhe Nabi Musa, padha
ngengehake nganti sesuke, nuli dadi set lan
mambu bacin, mulane padha didukani dening
Nabi Musa.
21 Sabanjure anggone padha ngukupi saben
esuk. Saben wong manut tadhahe dhewe,
awit samangsa kapanasan, banjur ledeng.
22 Ing dina kaping nem anggone ngukup roti
tikel loro, wong siji rong gomer, nuli sakehe
panggedhene pasamuwan padha seba ngaturi
pirsa marang Nabi Musa. 23 Pangandikane
Nabi Musa marang wong mau: “Iya iku kang
wus didhawuhake dening Pangeran Yehuwah:
Sesuk iku dina libur babar pisan, iya sabat
sesengkeraning Pangeran Yehuwah, roti
kang arep kokbakar, bakaren, kang arep
kokolah, olahen, turahane kabeh simpenen
kanggo tandhon sesuke.” 24 Turahane kelakon
disimpen tekan sesuke netepi dhawuhe Nabi
Musa, iya ora mambu lan ora metu sete.
25 Sabanjure Nabi Musa ngandika: “Iku padha
panganen ing dina iki, awit ing dina iki sabate
Pangeran Yehuwah, kowe ora bakal nemu
roti ana ing teba. 26 Nem dina kowe padha
ngukupana, nanging ing dina kapitu iku dina
Sabat, ing kono ora ana roti.” 27 Ewadene
kelakon ing dina kapitu ana wong sawatara
kang metu arep ngukup roti, nanging padha

ora nemu. 28 Ing kono pangandikane Pangeran
Yehuwah marang Nabi Musa: “Nganti besuk
apa anggonira padha ora gelem netepi prentah
lan angger-anggeringSun? 29 Padha nitenana!
Pangeran Yehuwah wus maringake sabat iku
marang sira, mulane ing dina kang kaping
nem sira padha diparingi roti kanggo rong
dina. Kang iku wong kabeh padha lerena ana
ing omahe dhewe-dhewe, aja ana wong siji
bae kang metu saka ing panggonane ing
dina kapitu iku.” 30 Mangkono dadine wong
akeh padha ngaso ing dina kapitu. 31 Anadene
mungguh wewujudan iku umat Israel anggone
ngarani: manna; rupane putih kaya ketumbar,
rasane kaya kuwih madu.
32 Nabi Musa tumuli ngandika: “Dhawuhe
Pangeran Yehuwah mangkene: Padha njupuka
sagomer kebak kasimpena kanggo turun-
turunira, supaya iku padha weruha rupane roti
kang Sunparingake dadi panganira ana ing
pasamunan, nalika Ingsun ngentasake sira
saka ing tanah Mesir.” 33 Mulane pangandikane
Nabi Musa marang Rama Harun: “Njupuka
guci siji, isenana manna sagomer kebak,
banjur dokoken ana ing ngarsaning Yehuwah,
kasimpena nganti turun-tumurun. ” 34 Rama
Harun banjur nindakake apa sadhawuhe Sang
Yehuwah marang Nabi Musa, guci didokok ana
ing ngarepe papan angger-angger kagawe
simpenan.
35 Wong Israel anggone mangan manna
lawase patang puluh taun, nganti tumeka
ing tanah kang didunungi ing wong; padha

mangan manna tekan tapelwatese tanah
Kanaan.
36 Anadene sagomer iku saprasepuluh efa.

Ana ing Masa lan Meriba

17:1-7

17 1 Sawuse mangkono sagolongane wong
Israel padha budhal saka pasamunan
Sin, lakune saka palerenan kang siji menyang
ing palerenan sijine miturut dhawuhe Pangeran
Yehuwah, banjur padha leren ana ing Rafidim;
nanging ing kono ora ana banyu kanggo
ngombe bangsa mau. 2 Wong-wong tumuli
padha madoni Nabi Musa, ature: "Kula
panjenengan paringi toya, supados sami saget
ngombe!" Pangandikane Nabi Musa: "Yagene
kowe kok padha madoni aku? Lan padha
nyoba marang Pangeran Yehuwah?" 3 Nanging
sarehne wong-wong padha ngorong, mulane
padha nggrundeli marang Nabi Musa, ature:
"Kenging punapa kula sami panjenengan
angkataken medal saking Mesir, njalari
kula, anak-anak lan kewan kula sami pejah
kasatan?"
4 Nabi Musa banjur sesambat marang
Pangeran Yehuwah, unjuke: "Punapa ingkang
badhe kawula tandukaken dhateng bangsa
punika? Sakedhap malih kawula temtu dipun
benturi sela!"
5 Dhawuhe Sang Yehuwah marang Nabi
Musa: "Sira lumakua ana ing ngarepe umat
kairinga dening para tuwa-tuwane Israel

sawatara, dene teken kang wus tau sira
gawe nyabet bengawan Nil iku gawanen, nuli
mangkata! 6 Lah Ingsun bakal jumeneng ana
ing ngarepira ana ing dhuwur gunung parang
ing Horeb, sira banjur nyabeta parang iku
temah bakal metu banyune, satemah bangsa
iku bakal padha bisa ngombe.” Nabi Musa iya
tumuli ngestokake kaya mangkono ana ing
ngarepe para tuwa-tuwane Israel.
7 Panggonan iku banjur diarani Masa lan
Meriba, marga wong Israel padha madoni
lan padha nyoba marang Pangeran Yehuwah,
tembunge: “Pangeran Yehuwah iku ana ing
satengah kita apa ora?”

Wong Israel ngalahake wong Amalek

17:8-16

8 Nalika samana bala Amalek teka lan
nempuh perang nglawan marang wong Israel
ana ing Rafidim. 9 Nabi Musa banjur dhawuh
marang Yusak: “Aku padha pilihna wong,
banjur mapaga perang nglawan wong Amalek;
sesuk aku bakal ngadeg ana ing pucake
gunung klawan nyekel lantarane Gusti Allah.”
10 Yusak tumuli nglakoni sadhawuhe Nabi
Musa, perang nglawan wong Amalek, nanging
Nabi Musa, Rama Harun lan Hur padha
munggah menyang ing pucake gunung.
11 Kacarita samangsa Nabi Musa anggone
ngangkat astane dhuwur, Israel unggul,
nanging samangsa ngandhapake astane,
Amalek kang unggul. 12 Suwe-suwe astane

Nabi Musa kiyu, mulane dijupukake watu
didokok ana ing sangisore, kagawe lenggah,
sarta Rama Harun lan Hur padha nyangga
astane sasisih edhing, mulane astane ora obah
nganti tumeka ing surupe srengenge. [13] Kaya
mangkono anggone Yusak ngalahake wong
Amalek kalawan landhepe pedhang.
[14] Pangeran Yehuwah banjur ngandika
marang Nabi Musa: "Kabeh iki tulisana ing
buku minangka pangeling-eling, lan Yusak
konen ngeling-eling temenan, yen Ingsun
bakal nyirnakake babar pisan pangeling-eling
marang Amalek saka ing sangisoring langit."
[15] Nabi Musa banjur yasa misbyah kang
dijenengake: "Pangeran Yehuwah iku
banderaku," [16] lan ngandika: "Tangan ana ing
sadhuwure banderaning Yehuwah. Perange
Yehuwah nglawan Amalek iku turun-tumurun."

Imam Yitro nuweni Nabi Musa

18:1-27

18 [1] Anadene Imam Yitro, imam ing Midian,
mara-sepuhe Nabi Musa, wus miyarsa
bab samubarang kang wus ditandukake dening
Gusti Allah marang Nabi Musa lan Israel
umate, iya iku yen Pangeran Yehuwah wus
ngentasake wong Israel saka ing tanah Mesir.
[2] Imam Yitro, mara-sepuhe Nabi Musa mau
nuli mbekta Ibu Zipora, garwane Nabi Musa,
kang biyen wus dikondurake, [3] mangkono
uga putrane kakung loro, kang siji nama
Gersom, awit pangandikane Nabi Musa: "Aku

wus dadi wong neneka ana ing ngamanca,”
4 lan sijine nama Eliezer, awit pangandikane:
“Gusti Allahe bapakku iku kang mitulungi aku,
aku diuwalake saka ing pedhange Sang Prabu
Pringon.”
5 Bareng Imam Yitro, mara-sepuhe Nabi
Musa, karo putra-putra lan garwane Nabi Musa
rawuh ing pasamunan, ing papan palerebane
ing sacedhake gununge Gusti Allah, 6 banjur
utusan matur marang Nabi Musa: “Aku, Yitro,
mara-tuwamu, teka mrene tilik sliramu karo
kang rayi lan kang putra-putra.”
7 Nabi Musa banjur medal methukake
mara-sepuhe, sumungkem lan ngaras; sawuse
bage-binage mungguh ing bab kasugengane,
banjur padha lumebu ing tarub.
8 Sawuse iku Nabi Musa tumuli nyariosake
marang kang rama mara-sepuhe samubarang
kang wus ditandukake dening Sang Yehuwah
marang Sang Prabu Pringon lan marang wong
Mesir marga saka wong Israel, mangkono
uga sakehing karibedan kang dialami ana ing
dalan, apadene anggone Pangeran Yehuwah
ngluwari umate.
9 Imam Yitro rena panggalihe mireng bab
sakehe kamirahan kang wus ditandukake
dening Pangeran Yehuwah marang wong
Israel, yaiku anggone wus ngluwari saka ing
tangane wong Mesir. 10 Pangandikane Imam
Yitro: “Pinujia Pangeran Yehuwah kang wus
ngluwari sliramu kabeh saka ing tangane wong
Mesir lan saka ing astane Sang Prabu Pringon.
11 Saiki aku sumurup, yen kaluhuraning

Pangeran Yehuwah iku ngungkuli sakehe para
allah; marga Panjenengane wus ngentasake
bangsa iki saka ing tangane wong Mesir,
sabab wong-wong iku wus padha tumindak
sawenang-wenang marang bangsa iki.”
12 Imam Yitro mara-sepuhe Nabi Musa
banjur nyaosake kurban obaran lan kurban
sembelehan marang Pangeran Yehuwah; Rama
Harun lan sakehe para tuwa-tuwane Israel
padha kembul dhahar karo mara-sepuhe Nabi
Musa ana ing ngarsane Gusti Allah.
13 Kacarita esuke Nabi Musa lenggah ngadili
bangsa mau, lan wong akeh mau padha
ngadeg ana ing ngarsane Nabi Musa, wiwit
esuk nganti tekan sore. 14 Bareng mara-sepuhe
Nabi Musa mirsa apa kang ditindakake tumrap
wong akeh mau, tumuli ngandika: “Apa iki
kang koktindakake marang wong-wong iku?
Yagene dene sliramu dhewe kang lenggah, lan
wong kabeh padha ngadhep marang sliramu
wiwit esuk nganti tekan sore?”
15 Atur wangsulane Nabi Musa marang kang
rama mara-sepuhe: “Tiyang kathah punika
anggenipun murugi kula badhe pitaken bab
karsanipun Gusti Allah. 16 Manawi wonten
ingkang prakawisan, lajeng sami murugi kula
supados kula damel pancasan tumrap tiyang
satunggal kaliyan satunggalipun; kajawi
punika inggih kula tedahi pranatan saha
putusan-putusanipun Gusti Allah.”
17 Nanging mara-sepuhe Nabi Musa
ngandika: “Ora prayoga kang koktindakake
iku! 18 Sliramu mesthi bakal sayah banget, iya

sliramu dhewe iya wong kang padha ndherek
sliramu; marga pagawean iki kaboten tumrap
sliramu manawa sliramu dhewe bae ora bakal
keconggah nindakake.
19 Mulane saiki dakaturi mirengake
tembungku, aku arep ngaturi pamrayoga
marang sliramu sarta Gusti Allah bakal nunggil
karo sliramu. Sliramu dakaturi makili bangsa
iki ana ing ngarsane Gusti Allah lan nglantarake
prakarane marang Gusti Allah. 20 Sabanjure
sliramu dakaturi maringi piwulang bab sakehe
pranatan lan putusan sarta dakaturi nedahake
dalan kang kudu diambah sarta ayahan kang
kudu dilakoni. 21 Kajaba saka iku, sliramu
dakaturi nitik lan ngangkat panunggalane
bangsa iki kang sembada lan ngabekti
marang Gusti Allah, wong-wong kang kena
dipracaya, lan ora gelem nampani besel;
iku ditetepna dadi pemimpin kang nglurahi
wong sewu, pemimpine wong satus, wong
seket sarta wong sepuluh. 22 Iya wong-wong
iku kang kudu ngadili marang umat ing
samangsa-mangsa; prakara kang gedhe iku
diladekna marang sliramu, nanging prakara
kang cilik-cilik padha dirampungana dhewe;
sarana patrap mangkono wong-wong mau
padha ngenthengake ayahanmu, lan padha
ngrewangi tanggung-jawab. 23 Yen sliramu
tumindak mangkono, mangka Gusti Allah
karsa njurungi, sliramu bisa lestari kuwat
nandangi, sarta wong sabangsa kabeh bakal
padha bali menyang panggonane kanthi lega
lan marem.”

[24] Nabi Musa ndhahar rembage kang rama
mara-sepuhe lan nindakake apa kang dadi
pangandikane mau. [25] Dadine Nabi Musa
tumuli milih wong saka panunggalane bangsa
Israel kang sembada, padha ditetepake
nglurahi bangsa iku, ana kang nglurahi wong
sewu, wong satus, wong seket lan wong
sapuluh, [26] padha kapatah ngadili umat
ing samangsa-mangsa, prakara kang angel
diaturake marang Nabi Musa, nanging prakara
kang gampang dirampungi dhewe.
[27] Sawuse mangkono Nabi Musa banjur
pepisahan karo kang rama mara-sepuh, sarta
iku banjur kondur menyang ing nagarane.

Pangeran Yehuwah ngatingal ana ing gunung Sinai

19:1-25

19 [1] Bareng sasi katelune saangkate wong
Israel saka ing tanah Mesir, tekan ing
pasamunane gunung Sinai tanggale padha
karo nalika budhale. [2] Sawuse padha mangkat
saka Rafidim, banjur tekan ing pasamunane
gunung Sinai, lan padha leren ana ing kono;
wong Israel anggone padha masang tarub
ngadhepake gunung Sinai.
[3] Nabi Musa tumuli minggah sowan ing
ngarsane Gusti Allah, sarta dipangandikani
dening Pangeran Yehuwah saka ing gunung
kono, dhawuhe: “Sira ndhawuhana turune
Yakub lan ngundhangna marang wong
Israel, mangkene: [4] Sira wus padha ndeleng

samubarang kang wus Suntandukake marang
wong Mesir, sarta anggoningSun nggendhong
sira ana ing swiwining manuk garudha,
Sunparakake marang ing ngarsaningSun.
5 Kang iku saiki, manawa sira padha
ngestokake dhawuhingSun klawan temen-
temen sarta padha netepi prasetyaningSun,
mesthi sira padha dadi kekasihingSun pinilih
saka ing antarane sakehe bangsa, awit
salumahing bumi iku kagunganingSun. 6 Sira
mesthi padha dadi karajan kaimaman lan
bangsa kang suci. Iya iku pangandika kang
kudu sira undhangake marang wong Israel."
7 Sawangsule Nabi Musa tumuli nimbali
para tuwa-tuwaning bangsa mau, padha
diparingi sumurup bab sakehe pangandika
kang didhawuhake dening Pangeran Yehuwah.
8 Wong sabangsa kabeh banjur padha mangsuli
saur manuk, ature: "Punapa sadhawuhipun
Pangeran Yehuwah punika badhe sami kula
estokaken." 9 Pangandikane Pangeran Yehuwah
marang Nabi Musa: "Lah Ingsun bakal
ngrawuhi sira ana ing mendhung kang peteng,
supaya wong akeh padha krungua samangsa
Ingsun imbal pangandika karo sira, lan supaya
tansah padha ngandel marang sira." Nabi Musa
banjur munjuk marang Sang Yehuwah bab
kasaguhane bangsa iku.
10 Karomaneh pangandikane Pangeran
Yehuwah marang Nabi Musa: "Sira maranana
bangsa iku, padha sira konen sesuci ing
dina iki lan sesuk. Sarta padha ngumbaha
sandhangane. 11 Padha cumawisa ing dina

katelune, sabab ing dina katelune iku Pangeran
Yehuwah bakal tumedhak menyang gunung
Sinai ing sapandelenge bangsa iku kabeh.
12 Kang iku sira masanga pager mubeng
lan tutura: "Padha ngati-atia, aja ana kang
munggah ing gunung utawa nggepok sikile,
sabab sing sapa nggepok, mesthi kaukum pati.
13 Tangane wong siji bae ora kena nggepok
gunung iku, awit wong iku mesthi bakal
dibenturi ing watu utawa dipanah nganti mati;
dadia kewan utawa manungsa, aja diurapi!
Mung samangsa keprungu unining kalasangka
kang nggalur, lagi padha kena munggah ing
gunung."

14 Nabi Musa banjur tumedhak saka ing
gunung murugi bangsa iku, padha didhawuhi
supaya sesuci lan ngumbahi sandhangane.
15 Dhawuhe Nabi Musa marang bangsa iku:
"Padha cecawisa ing dina kang kaping telune
lan aja nyedhaki wong wadon."

16 Kacarita bareng dina kang katelune ing
wayah bangun esuk, ing gunung ana gludhug
lan bledheg sarta mendhung kang kandel,
apadene swaraning kalasangka kang banter
banget, temahan wong kang ana ing tarub
padha giris kabeh.

17 Nabi Musa banjur ngirid bangsa mau
metu saka palerebane, padha seba marang
ing ngarsane Gusti Allah, lan padha ngadeg
ana ing sikiling gunung. 18 Gunung Sinai
katutupan ing pega kabeh, marga Sang
Yehuwah nedhaki gunung mau ing sajroning
geni; pegane kumelun kaya kukus ing pawon,

lan gunung banget anggone gonjang-ganjing.
19 Swarane kalasangka saya suwe saya banter.
Nabi Musa banjur munjuk, sarta Gusti Allah
paring wangsulan saka ing sajroning gludhug.
20 Pangeran Yehuwah tumuli tumedhak marang
ing pucake gunung Sinai, sarta nimbali Nabi
Musa menyang ing pucake gunung iku; Nabi
Musa banjur minggah.

21 Dhawuhe Sang Yehuwah marang Nabi
Musa: "Sira mudhuna, bangsa iku elingna,
aja ana kang mbrobos ing pager nyedhaki
Pangeran Yehuwah arep ndedeleng, sabab
mesthi akeh kang bakal padha tiwas. 22 Dalah
para imam kang arep sowan ing ngarsaning
Yehuwah kudu sesuci, supaya aja nganti
katempuh ing bebenduning Yehuwah." 23 Nabi
Musa banjur munjuk marang Pangeran
Yehuwah: "Tiyang-tiyang temtu boten sami
saged minggah ing redi, margi Paduka
piyambak sampun ngengetaken dhateng
kawula kanthi dhawuh: Gununge sira pagerana
lan sira sengkera!"

24 Pangeran Yehuwah nuli dhawuh: "Wis,
sira mundura, banjur munggaha maneh karo
Harun, nanging para imam lan rakyat aja
nganti mbrobos ing pager sarta munggah
sowan ing ngarsaning Yehuwah, supaya aja
nganti padha kena ing bebendune."

25 Nabi Musa banjur mandhap marani bangsa
mau, padha didhawuhi mangkono iku.

Angger-angger sapuluh prakara

20:1-17

20 [1] Gusti Allah banjur ndhawuhake sakehe
pangandika iki: [2] “Ingsun iki Yehuwah
Gusti Allahira, kang wus ngentasake sira saka
ing tanah Mesir, ing tanah pangawulan.
[3] Sira aja nduweni allah liyane ana ing
ngarsaningSun.
[4] Sira aja gawe reca utawa tetironing apa
bae kang ana ing langit ndhuwur utawa ing
bumi ngisor, apadene kang ana ing banyu
sangisoring bumi. [5] Sira aja sujud utawa
ngabekti marang iku, awitdene Ingsun,
Yehuwah Allahira, iki Allah kang sujanan, kang
males kaluputane bapa marang anak-putune,
turun ping telu lan ping pat tumrap wong
kang padha sengit marang Ingsun, [6] nanging
kang nandukake sih palimirma marang wong
pirang-pirang ewu, yaiku kang padha tresna
marang Ingsun lan netepi pepakeningSun.
[7] Sira aja nyebut nyawiyah asmaning
Yehuwah Gusti Allahira, awitdene Pangeran
Yehuwah mesthi mastani luput marang
sadhengah wong kang nyawiyah marang
asmane.
[8] Sira elinga marang ing dina Sabat, sarta
sira sucekna, [9] nem dina sira nyambuta
gawe lan nglakonana sapagaweanira kabeh,
[10] nanging dina kapitu iku Sabate Pangeran
Yehuwah, Gusti Allahira; ing dina iku sira aja
nyambut gawe, iya sira iya anakira lanang lan

wadon, iya baturira lanang lan wadon, dalasan
kewanira, apadene wong liya kang ana ing
papan panggonanira. 11 Awitdene sajrone nem
dina anggone Pangeran Yehuwah nitahake
langit lan bumi sagara lan saisine kabeh, sarta
banjur kendel ing dina kapitu, mulane dina
Sabat iku diberkahi lan disucekake dening
Pangeran Yehuwah.
12 Sira ngajenana bapa-biyungira, supaya
didawakna umurira ana ing tanah peparinge
Pangeran Yehuwah, Gusti Allahira marang sira.
13 Sira aja memateni.
14 Sira aja laku jina.
15 Sira aja nyenyolong.
16 Sira aja ngucapake paseksi goroh tumrap
pepadhanira.
17 Sira aja melik marang omahe pepadhanira;
sira aja melik marang somahe pepadhanira,
utawa bature lanang lan wadon, sapine
utawa kuldine, lan apa bae kang dadi duweke
pepadhanira."

Wong Israel padha wedi methukake rawuhe Pangeran Yehuwah

20:18-21

18 Kacarita bareng bangsa mau padha
krungu gumlegering gludhug lan bledheg
samber-samberan, unine kalasangka, apadene
kumeluning pega saka ing gunung, padha
wedi lan gumeter sarta tumuli padha mundur
ngadoh, 19 sarta matur marang Nabi Musa:
"Mugi panjenengan kemawon ingkang

ngandikani kula, kula badhe sami mirengaken;
sampun ta dipun pangandikan dening Gusti
Allah, mindhak kula sami nemahi pejah.”
20 Nanging pangandikane Nabi Musa marang
bangsa iku: “Aja kuwatir, awit rawuhe Gusti
Allah iku arep nyoba kowe, lan supaya kowe
padha duwea ering marang Panjenengane, aja
nganti padha gawe dosa.”
21 Anadene bangsa iku anggone ngadeg ana
ing kadohan, nanging Nabi Musa nyelaki ing
pepeteng lelimengan panggonane lenggah
Gusti Allah.

Pranatan bab pangibadah

20:22-26

22 Pangeran Yehuwah banjur ngandika marang
Nabi Musa: “Wong Israel padha dhawuhana
mangkene: Sira wus padha nyumurupi dhewe
anggoningSun mangandikani sira saka ing
langit. 23 Sira aja padha gawe brahala salaka
utawa mas ana ing sandhingingSun.
24 Ingsun sira gawekna misbyah lemah,
sira anggoa nyaosake kurban obaranira lan
kurban kaslametanira apadene wedhusira lan
sapinira. Ing saben panggonan kang Sunpilih
dadi pangeling-eling marang asmaningSun,
Ingsun bakal rawuh lan mberkahi sira. 25 Dene
saupama Ingsun sira gawekake misbyah watu,
iku aja watu tatahan kang sira gawe, sabab
manawa anggonira gawe nganggo wadung
iku sira nerak kasucene. 26 Mangkono uga
anggonira ngunggahi misbyahingSun aja

nganggo andha, supaya aja nganti katon
kawiranganira."

Pranatan bab batur tukon Ibrani

21:1-11

21 1 "Iki pranatan-pranatan kang perlu sira
dhawuhake marang wong-wong iku.
2 Manawa sira tuku batur wong Ibrani, iku
anggone ngenger sira suwene nem taun,
ing taun kaping pitune dililanana metu lan
dadi wong mardika tanpa mbayar tebusan.
3 Manawa mlebune legan, metune iya legan;
manawa nggawa somah, somahe mau iya
lilanana melu metu. 4 Manawa bendarane
kang menehi somah, mangka somahe mau
duwe anak lanang utawa wadon, kang wadon
dalah anak-anake tetep dadi wewenange
bendarane, lan kang lanang metune mung
awake dhewe. 5 Nanging saupama batur mau
kanthi temen-temen matur: Kula sampun
tresna dhateng bendara kula, saha dhateng
anak-semah kula, kula boten badhe medal
dados tiyang merdika, 6 nuli bendarane
nyebakna marang ing ngarsane Gusti Allah,
banjur digawa menyang cedhak lawang utawa
dhempele, sarta dicublesa godhohing kupinge
ngganggo uncek dening bendarane, nuli tetepa
ngenger sajege urip.
7 Manawa ana wong ngedol anake wadon
dadi batur, iku metune, patrape ora kaya
batur lanang. 8 Saupama batur wadon mau
ora disenengi bendarane, mangka maune

wus disadhiyakake kanggo awake dhewe,
bendarane kudu nglilani batur mau ditebus,
ora kena diedol marang wong ngamanca,
awitdene bendarane wus mblenjani marang
batur wadon iku. [9] Nanging manawa bendara
mau nyadhiyakake kanggo anake lanang, iya
dianggepa kaya kang wus dadi wewenange
anak wadon. [10] Saupama bendarane mau
ngepek wong wadon liyane, kang dhisik ora
kena disuda cadhonge, sandhangane lan
anggone tinunggal turu. [11] Manawa bendarane
ora nindakake telung bab iku, wong wadon
mau kudu dililani metu, ora usah mbayar
tebusan apa-apa."

Bab rumeksa marang nyawaning sapadha-padha

21:12-36

[12] "Sapa sing menthung wong, nganti
ndadekake patine, iku mesthi kaukum pati.
[13] Nanging manawa pepati mau klawan ora
kajarag, kaya-kaya tangane mau kaagem
dening Gusti Allah nindakake iku, Ingsun
bakal nedahi sawijining panggonan kang
kena diungseni. [14] Balik manawa ana wong
kang ambeksiya lan mateni pepadhane
kalawan paekan, iku kudu dijupuk saka ing
misbyahingSun lan dipateni.
[15] Sapa sing menthung bapa utawa biyunge,
iku mesthi kaukum pati.

16 Sing sapa nyulik pepadhane, dadia banjur
diedol utawa isih katemu ana panggonane, iku
mesthi kaukum pati.
17 Sing sapa ngipat-ipati bapa utawa biyunge,
iku mesthi kaukum pati.
18 Yen ana wong padha regejegan, kang siji
ngepruk watu utawa ngantem, nanging ora
ndadekake patine, mung kapeksa nggluntung
ana ing paturon, 19 yen kelakon bisa tangi
maneh lan mlaku-mlaku nganggo teken ana
ing jaba, kang ngepruk utawa ngantem mau
bebas saka ukuman, mung kudu mbayar
kapitunane kang tatu, marga kapeksa
nganggur, lan ngragadi anggone tetamba
nganti samarine.
20 Manawa ana wong kang nggebugi bature
tukon lanang utawa wadon nganggo kayu
nganti sanalika ndadekake patine, iku kudu
diwales. 21 Nanging manawa batur mau isih
bisa urip sadina utawa rong dina, iku ora
diwales, marga batur mau duweke dewe.
22 Yen ana wong kang lagi kerengan, mangka
salah siji ana kang numbuk wong wadon
kang lagi meteng, nganti runtuh wetengane,
nanging kacilakan mau ora ndadekake patine,
wong kang numbuk mau kadhendha kaya
sapanjaluke bojone wong wadon mau, miturut
putusane hakim. 23 Nanging manawa wong
wadon kang kacilakan iku nganti mati, sira
kudu menehi nyawa lirune nyawa, 24 mata
lirune mata, untu lirune untu, tangan lirune
tangan, sikil lirune sikil, 25 mlicet lirune mlicet,
tatu lirune tatu, abuh lirune abuh.

26 Manawa ana wong nggitik bature tukon
lanang utawa wadon, kena mripate nganti
rusak, iku nglilanana bature mau metu dadi
merdika minangka lirune mripate. 27 Utawa
manawa anggone nggitik bature tukon lanang
utawa wadon mau nganti ompong untune, iya
dililanana metu dadi mardika minangka lirune
untune.
28 Manawa ana sapi nyundhang wong lanang
utawa wadon, nganti ndadekake patine,
sapi mau kudu kabenturan watu nganti mati
lan daginge aja nganti dipangan, nanging
kang duwe sapi bebas saka ing paukuman.
29 Nanging manawa sapi mau biyen mula wus
kerep nyundhang lan kang duwe iya wus
dielingake, nanging ora gelem njaga, mangka
sawuse iku sapi mau nyundhang maneh wong
lanang utawa wadon, lan njalari patine, ing
kono sapine dibenturana watu, lan kang
duwe iya diukuma pati. 30 Saupama mung
dijaluki dhuwit panebus, iku anggone nebus
nyawa miturut sapira kang diwajibake dibayar.
31 Manawa kang disundhang iku bocah lanang
utawa wadon, pangadilane iya padha karo
kang kasebut mau. 32 Nanging manawa sapi
mau nyundhang batur tukon lanang utawa
wadon, kang duwe sapi kudu mbayar telung
puluh sekel selaka marang bendarane batur
mau, lan sapine dibenturana watu nganti mati.
33 Yen ana wong mbukak utawa ndhudhuk
sumur, mangka ora ditutupi, banjur ana sapi
utawa kuldi kacemplung ing kono, 34 kang
duwe sumur iku kudu nempuhi sing duwe

kewan awujud dhuwit sapira regane, nanging
kewane kang mati mau dadi duweke kang
wus nempuhi. [35] Yen ana wong duwe sapi,
sapine nyundhang sapining liyan, nganti mati,
sapi kang isih urip iku kaedola, pepayone
diparo, mangkono uga sapi kang mati mau
iya dibagi loro. [36] Nanging manawa wus
kasumurupan yen sapi mau biyen mula wus
kerep nyundhang, mangka kang duwe ora
njaga, iku kudu nempuhi padha sapi, dene
kewan kang mati iku dadia duweke kang
mbayar iku."

Pranatan bab nempuhi darbeking liyan

22:1-17

22 [1] "Yen ana wong nyolong sapi utawa
wedhus, banjur disembeleh utawa
diedol, iku kudu ngijoli, sapi siji kalironana
sapi lima, dene wedhus siji kalironana wedhus
papat.
[2] Manawa ana maling konangan lagi mbabah,
banjur dipenthungi nganti mati, iku kang
menthungi ora utang getih, [3] nanging
yen anggone mateni iku wus kaplethekan
srengenge, iku utang getih.

Malinge kudu nglironi sapira regane, yen ora
duwe, awake diedola minangka lirune kang
dicolong. [4] Yen kang dicolong iku katemu isih
urip, dadia sapi, kuldi utawa wedhus, iku kudu
dilironi tikel loro.
[5] Manawa ana wong kang ngengon kewane
ana ing pategalane utawa ing kebone

anggur, mangka kewan iku diumbar bae, nganti mangani tanduraning liyan nganti entek, kang duwe kewan iku kudu ngllironi saka pepethingane pametuning pategalane utawa saka pepethingane pametuning kebon anggure.

6 Yen ana wong obong-obong lan genine nyalad eren, njalari tumpukan gandum utawa gandum kang durung dieneni utawa tanduran sapategalan katut kobong, kang obong-obong mau kudu ngllironi sakabehe.

7 Manawa ana wong nitipake dhuwit utawa barang marang kancane, mangka titipane iku dicolong saka omahe kang dititipi, saupama kang nyolong kecandhak, kudu
ngllironi tikel loro. 8 Saupama kang nyolong
ora kecandhak, kang duwe omah disebakna marang ing ngarsaning Allah perlu sumpah, yen pancen ora njupuk barange kancane.
9 Ing sarupaning prakara tukar-padu bab barang darbe dadia bab sapi, bab kuldi, bab wedhus, bab sandhangan, lan sadhengah barang kang ilang, manawa kang siji kandha: “Iki duwekku!” -- prakarane wong loro iku kasaosna marang Gusti Allah. Dene sapa kang disalahake dening Gusti Allah kudu ngllironi tikel loro marang kancane mau.

10 Manawa ana wong nitipake kuldi, sapi utawa wedhus, utawa kewan apa bae marang kancane, mangka kewan iku mati, putung sikile utawa kebradhat, ora kaweruhan ing
wong, 11 ing kono karampunganing prakara
nganggo sumpah ana ing ngarsaning Sang

Yehuwah, yen kang katitipan iku temen ora
njupuk darbeke kancane, lan kang nitipake
kudu narima, sarta kang katitipan ora prelu
nglironi. 12 Nanging manawa kewan mau
pancen dicolong, mesthi kudu nglironi marang
kang duwe. 13 Saupama kewane iku pancen
kamangsa ing kewan galak, iku digawaa
kanggo bukti. Kewan kang kamangsa iku ora
susah dilironi.
14 Manawa ana wong nyilih kewane kancane,
mangka kewan iku putung sikile utawa mati,
nalika kang duwe ora ana ing kono, kang nyilih
kudu nglironi saregane. 15 Nanging manawa
kang duwe ana ing kono, kang nyilih ora susah
nglironi. Yen kewan iku disewa, kapitunane iku
kalebu ana ing sewan mau.
16 Manawa ana wong mbujuk sadhengah
prawan kang durung pepacangan, sarta banjur
sapaturon, bocah wadon iku kudu diepek bojo
kalawan mbayar maskawin samurwate. 17 Yen
bapakne bocah wadon mau babar pisan ora
nglilani anake diepek, iya meksa kudu mbayar
salaka samurwate, minangka patukoning
prawan."

Pranatan bab dosa kang nistha

22:18-20

18 "Ahli sihir wadon aja sira uripi.
19 Sing sapa laku jina karo kewan, kudu
diukum pati.

[20] Sing sapa sesajen marang para allah
lan ora marang Pangeran Yehuwah, kudu
disirnakake.”

Pranatan tumrap para wong sekeng

22:21-27

[21] “Sira aja nguya-uya utawa nindhes wong
neneka, marga sira dhewe iya wus ngalami
dadi wong neneka ana ing tanah Mesir.
[22] Sira aja nganiaya randha utawa bocah
lola. [23] Yen nyata sira nganiaya, mangka
iku kalawan sora sesambat marang Ingsun,
mesthi bakal Sunsembadani pasambate, [24] nuli
bakal tuwuh bebenduningSun, sarta sira bakal
padha Sunpateni kalawan pedhang, temah
somahira padha dadi randha lan anak-anakira
padha lola.
[25] Manawa sira ngutangi marang wong
panunggalanira, umatingSun kang miskin
ana ing antaranira, pangrengkuhira aja kaya
salumrahe wong potang, aja sira jaluki
anakan.
[26] Saupama sira nganti njupuk jubahe
pepadhanira minangka cekelan gadhen, iku
sira balekna sadurunge srengenge surup,
[27] awit mung iku kemule, iya mung iku
sandhangane; kang kanggo turu apa? Kang
iku samangsa ana sambate marang Ingsun,
mesthi Sunpiyarsakake, awitdene Ingsun iki
sipat asih mirma.”

Pranatan warna-warna

22:28-31

28 “Sira aja ngala-ala marang Gusti Allah lan aja ngipat-ipati panggedhening bangsanira.
29 Sira aja lali saos pisungsung saka pametune gandum lan undhuh-undhuhane anggurira. Anakira lanang kang pambarep
iku saosna marang Ingsun. 30 Mangkono uga
mungguh sapi lan wedhusira, anak-anake padha worna karo embokne pitung dina, ing wolung dinane saosna marang Ingsun.
31 Sira padha dadia wong suci kagunganingSun: sira aja padha mangan daginge kewan kang kasempal-sempal kewan galak ana ing ara-ara, iku sira pakakna asu.”

Pranatan hak wewenanging manungsa

23:1-12

23 1 “Sira aja nyebar kabar goroh. Aja mbiyantu wong kang luput lan gelem
dadi seksi rerekan. 2 Sira aja melu-melu wong
akeh nglakoni piala, lan anggonira nglairake paseksi tumrap sawijining prakara aja ngiloni
wong akeh murih dhoyonging pangadilan. 3 Iya
aja ngiloni prakarane wong miskin.
4 Manawa sira mrangguli sapine utawa kuldine mungsuhira kang ketriwal, poma iku enggal-enggal sira ulihna marang kang duwe.
5 Manawa sira weruh kuldine mungsuhira ambruk marga kabotan momotan, poma sira

aja sungkan tetulung, nanging kang duwe
sira rewangana mbongkar momotane kalawan
eklas.
6 Sira aja ndhoyongake wewenange wong
miskin ing sajroning prakarane. 7 Sira
ngedohana tindak culika; wong kang ora
luput lan kang bener aja sira pateni, awitdene
Ingsun ora bakal mbenerake wong kang luput.
8 Sira aja nampani besel, marga besel iku
marakake wutane wong melek, lan ngisruhake
prakarane wong-wong kang bener. 9 Wong
neneka aja sira tindhes, awitdene sira rak
wus padha ngerti marang rasaning atine wong
neneka, marga sira wus padha ngalami dadi
wong neneka ana ing tanah Mesir.
10 Sajroning nem taun sira nyebarana
buminira lan ngundhuhana pametune,
11 nanging ing taun kang kaping pitune kudu
sira lerenake, lan sira tinggal mangkono
bae, supaya panunggalanira kang miskin
padha bisaa mangan, lan sisane iku kareben
dipangana dening sato-kewan ing alas.
Mangkono uga tumrap pakebonanira anggur
lan witira jaitun. 12 Nem dina sira nglakonana
pagaweanira, nanging ing dina kapitu sira
lerena, supaya sapi lan kuldinira padha bisa
ngaso; lan supaya anake baturira lan wong
kang neneka padha leren.”

Pranatan bab tata-pangibadah lan dina gedhe

23:13-19

13 "Sira diprayitna ing bab sabarang kang wus
Sundhawuhake marang sira: sira aja nyebut
jenenge allah liyane, jenenge aja nganti
keprungu saka ing cangkemira.
14 Setaun kaping telu sira kudu nganakake
riyaya sumaos marang Ingsun. 15 Sira
netepana riyaya mangan roti tanpa ragi;
pitung dina lawase sira mangana roti tanpa
ragi kaya kang wus Sundhawuhake marang
sira, ing waktu kang wus katemtokake ana
ing sasi Abib, sabab mbeneri ing sasi iku
anggonira metu saka ing tanah Mesir; nanging
aja ana kang seba marang ing ngarsaningSun
klawan ora nggawa apa-apa. 16 Riyaya panen,
iya riyaya wiwitaning pametune anggonira
nyebar ing tegal, iku uga tetep sira anakna,
mangkono uga riyaya undhuh-undhuh,
samangsa tutuping taun, salebare anggonira
ngundhuhi pametuning pategalanira. 17 Setaun
rambah kaping telu wongira kang lanang kudu
padha seba marang ing ngarsane Pangeran
Yehuwah, Gustinira.
18 Anggonira nyaosake getihing kurban
sembelehan kang sumaos marang Ingsun,
iku aja nganti kaworan sadhengah kang
mawa ragi, karomaneh gajihing kurban
riyaya kang sumaos marang Ingsun aja
nganti nginep nganti esuke. 19 Pepethingane

pametune buminira iku ladekna marang ing
padalemaning Sang Yehuwah Gusti Allahira.
Anggonira nggodhog daginging cempe iku aja
nganggo puwaning embokne.”

Prasetya lan pepenget marang Israel

23:20-33

20 “Lah Ingsun bakal ngutus malaekat tindak
ana ing ngarepira, perlu ngreksa lakunira
ana ing dalan sarta ngirid lakunira menyang
panggonan kang Suncawisake. 21 Sira dingati-
ati ana ing ngarsane lan ngestokna marang
dhawuh-dhawuhe, sira aja gawe duraka
marang Panjenengane, awitdene panerakira
ora bakal diapura, sabab asmaningSun ana ing
batose. 22 Nanging manawa sira temen-temen
ngestokake dhawuh-dhawuhe, lan nglakoni
sabarang kang Sundhawuhake, Ingsun bakal
nglawan marang mungsuhira lan nglawan
marang lawanira. 23 Ingsun bakal ngutus
malaekatingSun tindak ana ing ngarepira,
sarta ngirid lakunira menyang ing tanahe
bangsa Amori, bangsa Het, bangsa Feris,
bangsa Kanaan, bangsa Hewi lan bangsa
Yebus, lan para bangsa iku bakal Suntumpes.
24 Sira aja sujud utawa ngabekti marang
allahe lan aja niru panggawene, malah padha
sira sirnakna babar pisan reca-reca brahala
gegaweane. 25 Nanging sira kudu ngabekti
marang Pangeran Yehuwah Gusti Allahira,
temah roti lan banyune bakal binerkahan
lan Ingsun bakal ngedohake lelara saka ing

tengahira. 26 Ing nagaranira bakal ora ana
wong wadon kang keluron utawa kang gabug.
Lan umurira bakal Sunjangkepi.
27 Rasa giris marang Ingsun bakal
Sunkirimake ndhingini sira, Ingsun bakal
ndadekakake kisruhe sakehe wong kang
sira parani, lan sakehe mungsuhira bakal
Sundamel lumayu ninggal sira. 28 Karodene
Ingsun bakal ngeculake tawon ndhingini
sira, iku bakal nundhungi wong Hewi, wong
Kanaan lan wong Het saka ing ngarepira.
29 AnggoningSun nundhungi bangsa-bangsa
iku saka ngarepira ora sajroning setaun,
supaya nagara iku aja banjur sepi, sarta buron
alase aja nganti mundhak akeh ngungkuli
cacahira. 30 AnggoningSun bakal nundhungi
bangsa iku saka ngarepira saka sathithik,
nganti sira wus padha duwe anak-putu
akeh lan bisa ndarbeni tanah iku. 31 Ingsun
bakal nemtokake tapel-watese tanahira
yaiku wiwit sagara Teberau tekan ing sagara
Filisti, lan saka ing pasamunan tekan ing
bengawan Efrat, awitdene sakehing wong ing
nagara kono bakal Sunulungake marang ing
tanganira, supaya padha sira tundhung saka
ngarepira. 32 Sira aja gawe prajanjian karo
wong iku utawa karo allahe. 33 Bangsa-bangsa
mau bakal ora tetep pamanggone ana ing
nagaranira, supaya ora njalari sira padha
gawe dosa marang Ingsun, yaiku sira padha
ngabekti marang allahe; prakara mangkono
iku mesthi dadi kala-jiret tumrap sira.”

Upacara nganakake prajanjian ing antarane Pangeran Yehuwah lan bangsa Israel

24:1-18

24 1 Gusti Allah banjur ngandika marang
Nabi Musa: "Sira munggaha sebaa
marang ing ngarsane Pangeran Yehuwah, sira
lan Harun, Nadab lan Abihu apadene para
tuwa-tuwane Israel wong pitung puluh, nuli
padha sujuda saka ing kadohan. 2 Mung Musa
dhewe kang sowane cedhak kalawan Pangeran
Yehuwah, nanging liyane ora kepareng
nyedhak, lan wong akeh iya aja ana kang melu
munggah bareng karo sira."
3 Nabi Musa bareng wus wangsul nuli
mratelakake marang bangsa iku sakehing
pangandikane Sang Yehuwah lan sakehing
pranatane; bangsa iku kabeh tumuli mangsuli
saur-manuk, ature: "Sadaya pangandika
ingkang sampun kaparingaken dening
Pangeran Yehuwah punika badhe sami kula
estokaken sadaya." 4 Nabi Musa banjur nyerati
sakehe pangandikaning Sang Yehuwah,
sarta sesuke nalika isih bangun esuk banjur
ngedegake misbyah ana ing sikile gunung
iku, lan tugu rolas miturut cacahe taler
Israel. 5 Tumuli ndhawuhi wong nom-noman
panunggalane bangsa Israel, kang banjur
padha nyaosake kurban obaran lan nyembeleh
sapi lanang kagawe kurban keslametan
sumaos marang Pangeran Yehuwah. 6 Sawuse

iku Nabi Musa banjur mundhut getihe
sabagean, diwadhahi bokor, sabagean maneh
dikepyurake ing misbyah mau. 7 Tumuli
mundhut kitab prajanjian, lan diwaos ana
ngarepe umat, iku banjur padha matur:
"Sadaya sabdaning Sang Yehuwah badhe sami
kula lampahi saha badhe kula estokaken."
8 Nabi Musa tumuli mundhut getih mau sarta
dikepyurake marang bangsa iku kalawan
ngandika: "Lah iki getihing prajanjian kang
dianakake dening Sang Yehuwah karo kowe
kabeh, adhedhasar sakehe pangandika mau."
9 Nabi Musa lan Rama Harun banjur padha
minggah ing gunung, mangkono uga Nadab
lan Abihu apadene para tuwa-tuwane
Israel wong pitung puluh, 10 sarta padha
ndeleng Gusti Allahe Israel; kang minangka
ancik-ancikaning sampeyane iku memper
kaya srasahan sotya manila kang mencorong
kaya langit kang sumilak padhang. 11 Nanging
Panjenengane ora mulung astane marang
pemimpin-pemimpin Israel; padha nyawang
marang Gusti Allah, banjur mangan lan
ngombe.
12 Pangeran Yehuwah tumuli ngandika
marang Nabi Musa: "Sira munggaha ing
gunung sowan marang ing ngarsaningSun,
lan tetepa ana ing kono, nuli sira bakal
Sunparingi papan watu, kang wus Sunserati
angger-angger lan pepakon, supaya sira
wulangna marang wong-wong iku." 13 Nabi
Musa banjur tindak karo Yusak abdine minggah
ing gununge Gusti Allah. 14 Nanging pawelinge

Nabi Musa marang para tuwa-tuwa: “Kowe
padha ngentenana aku ana ing kene, nganti
sabaliku mbaleni kowe. Dene Harun lan Hur
rak padha tetunggalan karo kowe, sapa kang
duwe prakara padha maranana dheweke.”
15 Bareng Nabi Musa minggah ing gunung,
gununge banjur katutupan mega, 16 lan
kamulyaning Pangeran Yehuwah dumunung
ing gunung Sinai, nem dina lawase anggone
katutupan mega, sarta ing dina kaping pitune
Nabi Musa ditimbali saka ing tengahing mega
iku. 17 Miturut sawangane wong Israel cahya
kamulyane Sang Yehuwah iku kaya geni kang
nggesengake pucake gunung.
18 Nabi Musa tumuli lumebet ing satengahe
mega sarta minggah ing ndhuwur gunung;
dene Nabi Musa anggone ana ing ndhuwur
gunung iku lawase patang puluh dina patang
puluh bengi.

Pituduh bab ngadegake tarub pasamuwan lan bab pisungsung mirunggan

25:1-9

25 1 Pangeran Yehuwah banjur ngandika
marang Nabi Musa: 2 “Sira ndhawuhana
marang wong Israel, supaya padha nyaosna
pisungsung mirunggan konjuk marang
Ingsun. Anggone padha nyaosake pisungsung
mirunggan konjuk marang Ingsun iku metua
saka legawaning atine. 3 Anadene mungguh
pisungsung mirunggan kang konjuk marang
Ingsun iku arupa: mas, selaka, tembaga,

4 bakal wungu tuwa, bakal wungu nom, bakal
jingga, mori alus, wulu wedhus, 5 lulang
wedhus gembel lanang dipulas abang, lulang
dhuyung lan kayu sittah 6 lenga kanggo
padamaran, anggi-anggi kanggo lenga jebad
lan kanggo dupa, 7 sotya krisopras lan sesotya
tatahan kanggo klambi efod lan tutup dhadha.
8 Lan Ingsun padha sira yasakna pasucen,
supaya Ingsun dedalem ana ing tengahira.
9 Anggonira padha yasa dalem pasucen lan
sakehe pirantine kabeh iku mituruta conto
kang bakal Suntedahake marang sira."

Bab pethi prasetyan

25:10-22

10 "Sira padha gawea pethi kayu sittah,
dawane loro satengah asta, ambane
karotengah asta lan dhuwure karotengah
asta. 11 Pethi iku sira lapisana mas murni ing
jero lan ing jabane, sarta ing dhuwur mubeng
sira wenehana plisir mas. 12 Karodene sira
gawea gelang mas cithakan patang iji padha
kapasanga ing pojokane papat, dadi ing iringan
kenene ana gelangane loro, lan ing iringan
kanane ana gelangane loro. 13 Sarta maneh
sira gawea pikulan kayu sittah, padha kalapis
ing mas. 14 Pikulan iku padha kaslobokna ing
gelangan kang ana ing iringane pethi, dianggo
nggotong pethine. 15 Pikulan iku tetepa ana
ing gelangan pethi, ora kena didudut.
16 Ing jeroning pethi isenana papan angger-
angger kang bakal Sunparingake marang sira.

[17] Apadene sira gawea tutup pangruwatan
mas murni, dawane loro satengah asta,
ambane karotengah asta. [18] Lan sira gawea
pepethan kerub mas loro kang kagawe emas
gemblengan, kapasanga ing pungkasane
tutup pangruwatan mau. [19] Kerub kang siji
ana ing pungkasane sisih kenene, lan kerub
sijine ana ing sisih kanane tutup, kerub
sakarone iku padha gawenen irasan karo
tutup pangruwatan ing kiwa lan ing tengen.
[20] Kerub-kerub iku padha ngegarna swiwine
mandhuwur ngaubi tutup pangruwatan, raine
padha adu arep; raine kerub-kerub iku padha
tumungkula marang tutup pangruwatan mau.
[21] Tutup pangruwatan iku sira etrapna ing
dhuwure pethi, samangsa papan angger-
angger kang bakal Sunparingake marang sira
iku wus sira selehake ing sajroning pethine.
[22] Ana ing kono anggoningSun bakal ngrawuhi
sira saka ing sadhuwure tutup pangruwatan
iku, saka ing antarane kerub loro kang ana ing
sadhuwure pethi angger-angger iku, Ingsun
bakal paring pangandika marang sira bab kang
bakal Sundhawuhake marang sira kang kudu
sira terusake marang wong Israel."

Bab meja roti sesaosan

25:23-30

[23] "Lan maneh sira gawea meja kayu sittah,
dawane rong asta, ambane saasta lan dhuwure
karotengah asta. [24] Meja iku sira lapisana mas
murni sarta wenehana plisir mas mubeng.

[25] Karodene sira wenehana wengku mubeng
ambane saepek-epek, lan wengku iku iya
sira wenehana plisir mas mubeng. [26] Sarta
maneh meja iku iya sira gawekna gelangan
mas patang iji, gelangan iku sira etrapna ing
pojokane papat kaprenah ana ing sikile papat.
[27] Gelangane padha pepetna ing wengku,
kanggo slobokane pikulan kang kanggo
ngusung mejane. [28] Pikulane iku iya kayu
sittah kalapisa mas, iku kang kagawe ngusung
mejane. [29] Sira iya gawea pinggan, piring,
porong lan tuwung, kang kagawe ngesok
kurban unjukan, kabeh iku kagawea saka mas
murni. [30] Mejane iku tansah dokokana roti
sesaosan ana ing ngarsaningSun."

Padamaran

25:31-40

[31] "Sira gawea padamaran mas murni;
padamaran iku kang digawe kudu mas
gemblengan, iya sikilane iya adeg-adege;
dalah rerekane slaga, kudhup lan kembange
padha kagawea iras-irasan karo padamarane.
[32] Pange nem metu saka ing adeg-adege;
pange kang telu ing sisih kenene, lan kang
telu ing sisih kanane. [33] Siji-sijine pang anaa
rerekane slaga kembang saked nelung iji,
karo rerekan kudhup lan kembang, dadine
pang nem kang metu saka padamaran iku
iya gawenen kaya mangkono. [34] Mungguh
adeg-adege padamaran iku anaa rerekane
slaga kembang saked patang iji dalah rerekane

kudhup lan kembang. 35 Rerekan kudhup siji
anaa kang kapasang ing ngisore pang sajodho
kang kapisan kang metu saka padamarane,
siji maneh ing ngisore pang kang kapindho
lan siji maneh ing ngisore kang katelu,
mangkono mungguh pang nem kang metu
saka ing adeg-adege padamaran mau digawea
padha. 36 Kudhup lan pange iku kudu metu
saka ing padamaran mau lan kabeh mau
kang digawe kudu mas murni gemblengan.
37 Padamaran iku iya sira gawekna clupak
pitung iji, katumpangna ing ndhuwure,
supaya madhangi kang ana ing ngarepe.
38 Sapite lan tadhahane langes iya padha mas
murni. 39 Mas murni satalenta kang dianggoa
gawe padamaran dalah sapirantine kabeh.
40 Dingati-ati, anggonira gawe kabeh mau
kudu ngepleki conto kang wus katedahake
marang sira ana ing gunung."

Bab Tarub suci

26:1-37

26 1 "Tarub Suci iku kudu sira gawe
nganggo tenunan lena alus nganggo
lawe wungu tuwa, wungu nom lan jingga;
mawa kerub, gaweane ahli tenun, kabeh
iku kudu sira gawe mangkono. 2 Dawane
tendha siji wolu likur asta, ambane patang
asta, tendha iku ukurane kabeh kudu padha.
3 Tendha lima disambung-sambung dadi siji,
kang lima maneh iya disambung-sambung
dadi siji. 4 Lan sira gawea tali-tali kolongan

wungu tuwa kaetrapna ing pinggire tendha
kang siji, mangkono uga tumrap ing pinggire
tendha sijine. 5 Kolongan seket iji sira etrapna
ing tendha kang siji lan kolongan kang seket
iji maneh etrapna ing pungkasane tendha
sijine, adhep-adhepan siji lan sijine. 6 Sarta
maneh sira gawea cantholan mas seket iji,
tendha-tendhane padha gandhengana siji lan
sijine nganggo canthelan mau, supaya dadia
tarub siji.
7 Karodene sira gawea tendha-tendha wulu
wedhus kanggo payoning Tarub Suci, sira
gawea tendha sewelas. 8 Saben tendha
dawane telung puluh asta lan ambane patang
asta; tendha sawelas iku ukurane kudu padha.
9 Tendha kang lima iku kasambunga dhewe
dadi siji, lan tendha kang nem iya dadi siji
dhewe, tendha kang nomer nem sira lempita
dadi loro ana ing sisih ngarepe tarub mau.
10 Nuli sira gawea kolongan seket iji kaetrapna
ing pinggire tendha ing pungkasane, lan
kolongan seket iji maneh ing pinggire tendha
sijine. 11 Mangkono uga sira gawea canthelan
tembaga seket iji, canthelan iku kaolehna ing
kolongan mau, tendhane banjur kasambunga
dadi siji. 12 Mungguh bagean kang turah ing
tendha mau, kang satengah tlakupna ana ing
burine Tarub Suci, 13 luwihane saasta ing sisih
kene lan saasta ing sisih kana iku tlakupna ana
ing iringane Tarub Suci ing kiwa lan tengen
kagawe aling-aling. 14 Sarta maneh tarub iku
iya sira gawekna payon lulang wedhus gembel

lanang dipulas abang, lan sadhuwure iku
payon lulang dhuyung.
[15] Tarub Suci iku sira gawekna blabag-blabag
kayu sittah ngadeg, [16] blabag siji dawane
sapuluh asta lan saben blabag ambane
karotengah asta. [17] Saben blabag anaa puruse
loro jejer, mangkono anggonira gawe sakehe
blabage Tarub Suci mau. [18] Anggonira gawe
blabage Tarug Suci iku rong puluh ana ing
iringan sisih kidul, [19] lan sira gawea ompak
selaka patang puluh iji kanggo ing ngisore
blabag rong puluh iji iku, blabag siji ompake
loro kanggo puruse loro mau, lan blabag liyane
ompake iya ngloro-ngloro kanggo puruse loro.
[20] Ing iringane Tarub Suci sijine kang sisih lor
iya gawekna blabag rong puluh iji, [21] karo
ompake salaka patang puluh iji, blabag siji
ompake loro, lan blabag liyane ompake iya
padha ngloro. [22] Kanggo ing burine Tarub
Suci, sisih kulon, iku gawekna blabag nem
iji, [23] karomaneh sira gawea blabag rong
iji kanggo pojoke Tarub Suci ing sisih buri.
[24] Blabag loro iku kudu kembar, puruse ing
sisih ngisor, mangkono uga ing sisih dhuwur,
tekan ing gelangan kang kapisan, mangkono
kaanane karo pisan, padha minangka pojokane
loro. [25] Dadi kabeh kudu ana blabag wolung
iji karo ompake salaka, gunggung nembelas;
blabag siji ompake loro lan sabanjure saben
blabag ompake loro.
[26] Sira uga gawea kendhit kayu sittah,
limang iji kanggo blabag-blabaging Tarub Suci
kang sasisih, [27] lan kendhit limang iji kanggo

blabag-blabaging Tarub Suci ing sisihe kang
kapindho, apadene kendhit limang iji kanggo
perangan buri sisih kulon. 28 Sarta kendhit
limang iji kanggo perangan tengah, kendhit iku
kaetrapna ana ing satengahing blabag-blabag
saka ing pojok kene takan ing pojok kana.
29 Blabag-blabage padha sira lapisana mas,
lan gelangan kanggo slobokan kendhit iku iya
mas, kendhite iya padha sira lapisana mas.
30 Sabanjure Tarub Suci iku kapasanga miturut
rancangan kang wus katedahake marang sira
ana ing gunung.

31 Karomaneh sira gawea geber kain wungu
tuwa lan kain wungu nom, kain jingga, tenunan
lena alus; kagawe mawa gambar kerub dening
ahli tenun. 32 Geber iku kagantunga ing saka
kayu sittah papat kang kalapis emas, lan
ana canthelane mas, tumumpang ompak
salaka papat. 33 Geber mau kagantunga ing
canthelan kang kanggo nyambung tendha
iku, nuli pethine angger-angger sira prenahna
ana ing saburine geber, sarta geber iku
dadia singgetan ing antarane pasucen lan
pasucen pinunjul. 34 Tutup pangruwatan iku
sira tumpangna ing pethine angger-angger
ana ing sajroning pasucen pinunjul. 35 Mejane
sira prenahna ing sangarepe geber, lan
padamarane adhep-adhepan karo mejane ana
ing Tarub Suci sisih kidul, dene mejane sira
prenahna ana ing sisih lor.

36 Sarta maneh sira gawea warana ana ing
lawangane Tarub, kang kagawe kain wungu
tuwa, kain wungu nom, kain jingga lan lena

tenunan alus kang mancawarna. 37 Warana iku
gawekna saka kayu sittah limang iji, padha
kalapisana mas, lan ana canthelane mas lan
sira gawekna ompak tembaga cithakan limang
iji.”

Bab misbyah kurban obaran

27:1-8

27 1 “Karomaneh sira gawea misbyah kayu
sittah, dawane limang asta lan ambane
limang asta, dadi misbyah iku pesagi bener,
nanging dhuwure telung asta. 2 Sungune
sira gawea ana ing pojokane papat; iku
ginawea iras-irasan karo misbyahe, misbyah
iku kudu sira lapis ing tembaga. 3 Sarta sira
uga gawea wadhah-wadhah kanggo mbuwangi
awune, apadene sorok lan bokor kanggo
nyirami, cukit lan anglone; sakehe piranti iku
kudu tembaga kang sira gawe. 4 Lan maneh
sira gawekna krawangan tembaga adhapur
jala, krawangan iku ing pojoke papat pisan
sira wenehana gelangan tembaga patang
iji, 5 banjur sira etrapna ing sangisoring
wengkune misbyah wiwit saka ngisor nganti
krawangan mau dhuwure saparone misbyah.
6 Karomaneh misbyah iku iya sira gawekna
pikulan, pikulan kayu sittah kang kalapis
ing tembaga. 7 Pikulane kaslobokna ing
gelangane, dadi samangsa misbyahe diusung,
pikulan iku padha ana ing lambunge misbyah
kiwa-tengen. 8 Misbyah iku kang sira gawe
blabag ing jero growong, kaya anggonira

wus kaparingan pitedah ana ing gunung, mangkono anggonira padha nggarap misbyah iku."

Bab plataran

27:9-19

[9] "Sira gawea platarane Tarub Suci; ing
sisih kidul plataran iku anaa gebere lena
tenunan alus kang benange kaantih, dawane
sasisih satus asta. [10] Cagake kabeh kudu
rong puluh, ompake tembaga iya rong puluh,
canthelane cagak lan sambungane iku salaka.
[11] Mangkono uga ing sisih lor, turut ujure iya
nganggoa geber dawane padha satus asta,
sarta cagake rong puluh lan ompake rong
puluh padha tembaga, nanging canthelane
lan sambungane iku salaka. [12] Ing ambane
plataran sisih kulon anaa gebere kang seket
asta, kalawan cagake sapuluh lan ompake
sapuluh. [13] Dene ambane plataran perangan
ngarep kang sisih wetan kudu seket asta,
[14] yaiku gebere limalas asta kanggo ing
sisihe gapura kang siji karo cagake telu lan
ompake telu, [15] lan kanggo ing sisihe gapura
sijine gebere iya limalas asta, cagake telu
lan ompake iya telu. [16] Nanging ing gapurane
plataran anaa gebere kang dawane rong puluh
asta, kang kagawe bakal wungu tuwa, lan
wungu nom, jingga lan lena alus tenunan
kang mancawarna kalawan cagake papat lan
ompake papat. [17] Sakehe cagak kang ana ing
saubenge plataran mau padha kaetrapana

sambungan salaka, lan canthelane iya salaka,
dene ompake tembaga. 18 Dawane plataran
kudu satus asta, ambane seket asta lan
dhuwure limang asta, awujud lena tenunan
alus kang benange kaantih, sarta ompake
tembaga.
19 Anadene mungguh sakehe piranti kanggo
ngedegake Tarub Suci, mangkono uga sakehe
pathoke dalasan pathoke plataran, iku kudu
tembaga kabeh."

Bab lenganing padamaran

27:20-21

20 "Karodene sire ndhawuhana marang wong
Israel, supaya padha ngladekna lenga jaitun
dheplokan kang tulen kanggo padamaran,
supaya damare tansah murub. 21 Ing sajrone
Tarub Pasewakan ing sajabane geber kang
ngaling-alingi pethining angger-angger,
ing kono Harun lan anak-anake kang nata
padamaran mau ana ing ngarsaning Pangeran
Yehuwah wiwit sore nganti esuk. Iku pranatan
kang tumindak turun-tumurun kanggo wong
Israel."

Bab pangagemaning imam

28:1-43

28 1 "Sira ndhawuhana marang sadulurira
Harun saanak-anake, saka ing
satengahe wong Israel, supaya padha dadi
imam lumados marang Ingsun; yaiku Harun

lan anak-anake: Nadab, Abihu, Eleazar lan
Itamar. 2 Kakangira Harun iku sira gawekna
sandhangan kang suci, minangka rerengganing
kaluhuran. 3 Sira ndhawuhana marang sakehe
para ahli, kang wus Sunesoki rohing
kawasisan, padha konen gawe sandhangane
Harun, kanggo nucekake dheweke, supaya
dadia imam lumados marang Ingsun. 4 Iki
sandhangan kang kudu digawe: tutup dhadha,
kotang efod, jubah, kemejan tenunan endah,
serban lan sabuk, yaiku sandhangan kang
suci kanggo kakangira Harun lan anak-anake,
supaya padha ngimamana lumados marang
Ingsun. 5 Kanggo kaperluan iku dibutuhake
mas, bakal wungu tuwa, bakal wungu nom,
bakal jingga lan lena alus. 6 Kotange efod
kang digawe kudu mas, bakal wungu tuwa,
wungu nom, bakal jingga lan lena tenunan
alus kang benange kaantih, garapaning ahli.
7 Kotang efod iku ana pundhakane tangkeban
loro, kang kagawe nangkebake ana ing kiwa
lan ing tengen. 8 Sabuk kang kanggo ningseti
kotang efod iku kudu padha panggarape lan
kagawe iras-irasan karo kotang efod mau,
bakale iya mas, bakal wungu tuwa, wungu
nom, jingga lan lena alus tenunan kang
benange kaantih. 9 Karodene sira njupuka
sesotya krisopras loro lan ing kono kaukira
jenenge para anake Israel. 10 Jeneng kang
nem ana ing sesotya kang siji, lan kang nem
ing sesotya sijine, urut tuwa, 11 patrape kaya
juru ngukir sesotya, saemper ngukir cap, kaya
mangkono anggonira ngukir jenenge para

anake Israel ana ing sesotya loro mau; banjur
sira wenehana embanan mas. 12 Sesotya loro
iku kapasanga ana ing pundhakane kotang
efod minangka sesotya pangeling-eling kanggo
wong Israel; Harun kang kudu nggawa jenenge
ana ing pundhake marang ing ngarsaning
Sang Yehuwah sarta dadia pangeling-eling.
13 Sira uga gawea embanan mas, 14 apadene
rante mas murni rong iji, rante mau banjur
kagawea tali adhapur klabangan rante kang
wus kadhapur tali mau kagandhenga karo
embanane.
15 Lan sira kudu gawe tutup dhadha, piranti
kanggo nibakake kaputusan, garapaning ahli.
Panggarape padha kaya kotang efod, kang
kagawe: mas, bakal wungu tuwa, wungu
nom, jingga lan lena alus tenunan kang
benange kaantih. 16 Wangune pesagi lan
rangkep loro, dawane sakilan ambane iya
sakilan, 17 iku kaetrapana sesotya patang
larik. Larikan kapisan: sotya yaspis abang,
krisolit lan malakit. 18 Larikan kapindho:
mirah, lazurit lan yaspis ijo. 19 Larikan katelu:
sotya ambar, akik lan kecubung. 20 Larikan
kang kaping papat: sotya pirus, krisopras
lan nefrit, kabeh padha kaembanana mas,
kaya mangkono sesotya-sesotya mau dalah
embanane. 21 Sesotya iku kaetrapana jenenge
para anake Israel, mulane cacahe kudu rolas.
Lan ing saben sotya diukirna jenenge, niji
miturut taler rolas, kaya patrape gawe cap.
22 Tutup dhadha iku etrapana rante mas murni
awujud klabangan, panggawene kaya tali

nam-naman. 23 Uga kaetrapana gelangan
mas rong iji, gelangan iku kaetrapna ing
pojokane tutup dhadha loro pisan. 24 Rante
mas loro mau kapasanga ing gelangan loro
iku, ing pojoking tutup dhadha. 25 Pucuke
rante loro iku kaolehna ing embanan loro
mau; kaya mangkono anggonira masang
iku ana ing pundhakaning efod kaprenah
ana ing ngarep. 26 Sarta maneh sira gawea
gelangan mas loro engkas, kaetrapna ing
pojokane tutup dhadha loro pisan, ing pinggir
jero kang tumumpang ing kotang efod.
27 Karo maneh sira gawea gelangan mas loro
sira etrapna ing pundhakane kotang efod,
kaprenah ngisor perangan ngarep, mepet ing
sambungane, ing sadhuwure sabuke kotang
efod. 28 Sawuse mangkono gelangane tutup
dhadha iku padha sira talenana mandhuwur
oleh gelangane kotang efod srana tali wungu
tuwa kaprenah tumumpang ing dhuwur
sabuke kotang efod, lan tutup dhadha iku ora
kena kapisah karo kotange efod. 29 Mangkono
Harun anggone ngemban jenenge para anake
Israel ana ing sadhuwuring atine dumunung
ing tutup dhadha piranti kanggo nibakake
keputusan iku samangsa lumebu ing pasucen,
supaya dadia pangeling-eling kang tetep ana
ing ngarsaning Sang Yehuwah. 30 Lan ana
ing tutup dhadha piranti kanggo nibakake
keputusan iku sira pasangana Urim lan Tumim,
ana ing sadhuwure jantunge Harun samangsa
lumebu seba ing ngarsaning Yehuwah;
mangkono Harun anggone tansah ngemban

karampungane keputusan tumrap wong Israel,
ana ing sadhuwure atine ana ing ngarsaning
Sang Yehuwah.
31 Karo maneh sira gawea jubahe efod
nganggo bakal wungu tuwa byur. 32 Gulone
anaa ing tengahe; sarta nganggo pinggiran
mubeng rupa tenunan, kaya klambi kere,
supaya aja nganti suwek. 33 Ing pungkasane
jubah iku kaetrapana rerekan delima lawe
wungu tuwa, lawe wungu nom lan lawe jingga
mubeng temu gelang, kaseling-seling karo
klinthingan mas, 34 dadi saben klinthingan
mas siji delimane siji, ana ing pinggiraning
jubah mau mubeng. 35 Jubah iku dianggoa
Harun samangsa nindakake pangibadah,
lan unine klinthingan mas mau bisaa
keprungu samangsa lumebu pasucen marang
ing ngarsane Pangeran Yehuwah lan uga
samangsa metu, supaya aja nemahi pati.
36 Apadene sira gawea blebekan mas murni
lan ing blebekan iku sira ukirna tulisan
patrape kaya ngukir cap, unine: Sesengkerane
Pangeran Yehuwah. 37 Blebekan iku sira
pasangana tali wungu tuwa, katemplekna ing
serban ing sisih ngarep. 38 Blebekan iku anaa
ing bathuke Harun lan Harun kudu nyangga
akibate kaluputan tumrap samubarang
kang disucekake dening wong Israel, yaiku
tumrap sadhengah kang dadi pisungsung
sesengkerane. Blebekan mau kudu tetep
tumempel ing bathuke, supaya wong Israel
iku katrimah ana ing ngarsaning Pangeran
Yehuwah.

39 Sira kudu gawe kemejan tenunan endah
nganggo lena alus, mangkono uga serban
iya saka lena alus, dene sabuke iku kagawea
nganggo tenunan mancawarna. 40 Uga para
anake Harun iku iya sira gawekna kemejan lan
sabuk, iya gawekna kopyah kang minangka
rerenggan kamulyan. 41 Sandhangan mau
sira anggokna marang kakangira Harun lan
anak-anake, sarta sawuse iku banjur sira
jebadana, sira wisudhaa lan sira sucekna,
supaya padha dadi imam lumadi marang
Ingsun. 42 Sarta maneh iya gawekna clana
lena, kagawea nutupi kawirangane. Clana mau
dawane wiwit bangkekan nganti tekan pupu.
43 Iku kudu dianggo Harun dalah anak-anake
samangsa lumebu ing Tarub Pasewakan utawa
samangsa nyedhaki misbyah perlu nindakake
pangibadah ana ing pasucen, supaya aja
nganti kaluputan lan banjur mati. Iku dadia
pranatan ing salawase tumrap Harun lan para
turune."

Bab wisudhan imam

29:1-37

29 1 "Anadene anggonira nucekake Harun
lan para anake supaya ngimamana
lumados marang Ingsun iku patrape
mangkene: Sira njupuka sapi lanang nom
siji lan wedhus gibas lanang loro kang tanpa
cacat, 2 roti tanpa ragi lan roti bunder iya tanpa
ragi, diolah nganggo lenga, roti tipis tanpa
ragi dioseri lenga, kabeh iku kang kagawe

kudu glepung gandum pilihan. 3 Iku kabeh
sira wadhahana cething siji, nuli sira saosna
sacethinge, mangkono uga sapine lanang
sarta wedhuse lanang loro mau.
4 Harun lan anak-anake padha ajokna marang
ngarepe lawangan Tarub Pasewakan lan
sira wisuhana banyu. 5 Sawuse mangkono
sira njupuka sandhangane, sarta Harun sira
anggonana kemejan, jubahing klambi efod
lan kotang efod apa maneh tutup dhadha;
tumuli efod sira singsetana klawan sabuk
klambi efod; 6 sirahe sira etrapana serban lan
blebekan suci kapasanga ing serban mau.
7 Sawuse mangkono sira njupuka lenga jebad
kaesokna ing sirahe, dadi sira jebadana.
8 Mangkono uga anak-anake padha sira ajokna,
sira anggonana kemejan, 9 lan sira anggonana
sabuk, iya Harun lan anak-anake, tuwin
anggonana iket ing sirahe, kalawan mangkono
banjur padha kaparingan kalungguhan imam,
iku katetepan kanggo ing salawase. Kaya
mangkono anggonira misudha Harun dalah
anak-anake.
10 Sapine lanang mau nuli sira ajokna
menyang ing ngarepe Tarub Pasewakan, Harun
lan anak-anake banjur padha numpangna
tangane ing endhase sapi iku, 11 sapine nuli
kasembeleha ana ing ngarsaning Pangeran
Yehuwah ana ing ngarepe lawange Tarub
Pasewakan. 12 Sira banjur njupuka getihe sapi
lanang mau sathithik, leletna ing sungune
misbyah kalawan drijinira, dene getih turahane
sira esokna kabeh ing misbyah perangan

ngisor. 13 Sakehe gajih kang nutupi jeroan,
gombyoking ati, ginjel loro pisan tekan gajihe,
iku sira obonga ana ing misbyah. 14 Nanging
daginge, lulange lan reregede iku kudu sira
obong ana ing sajabane palereban, iku dadi
kurban pangruwating dosa.
15 Sawuse mangkono sira njupuka wedhus
lanang kang siji, Harun lan anak-anake padha
numpangna tangane ing endhase wedhus
mau, 16 wedhus mau banjur kasembeleha,
getihe sira siramna ing saubenge misbyah.
17 Wedhuse katengkel-tengkela manut
perang-perangane, jeroane lan sampile
kakumbaha lan kaselehna ing dhuwure
tengkelan-tengkelan mau, lan ing sadhuwure
endhase. 18 Wedhus lanang iku kabeh banjur
kaobonga ana ing misbyah, iku kurban
obaran, pisungsung arum kang konjuk marang
Pangeran Yehuwah, yaiku kurban geni kang
kasaosake marang Pangeran Yehuwah.
19 Sawuse iku sira nuli njupuka wedhus
lanang sijine, endhase ditumpangana tangane
Harun dalah anak-anake. 20 Wedhuse banjur
kasembeleha, lan getihe salong kaleletna
sathithik ing godhohing kupinge Harun kang
tengen, uga ing godhohing kupinge anak-
anake Harun, ing jempole tangane tengen, lan
jempole sikile tengen, dene getih liyane sira
siramna ing saubenge misbyah. 21 Getih kang
ana ing misbyah iku kajupuka sathithik karo
lengane jebad sathithik, sira kepyurna marang
Harun lan ing sandhangane, sarta uga marang
anak-anake lan sandhangane. Marga saka

mangkono Harun lan sandhangane, banjur
bakal dadi suci, samono uga anak-anake lan
sandhangane.
[22] Wedhus lanang mau banjur kajupuka
gajihe, buntute kang mawa gajih, karodene
gajih kang nutupi jeroane, gombyoking atine,
ginjele karo pisan dalah gajihe, sampile
tengen, awit iku wedhus lanang pisungsung
wisudhan, [23] sira uga njupuka roti tipis siji,
roti bunder siji kang kaworan lenga sarta roti
tipis siji saka cething kang isi roti tanpa ragi,
kang ana ing ngarsane Pangeran Yehuwah.
[24] Iku kabeh sira selehna ing epek-epeke
Harun lan epek-epeke anak-anake, tumuli sira
saosna kabeh dadi pisungsung goyangan ana
ing ngarsaning Pangeran Yehuwah. [25] Sawuse
mangkono kabeh banjur tampanana saka
tangane, nuli kaobonga ana ing misbyah yaiku
ing sadhuwure kurban obaran, minangka
pisungsung kang arum ana ing ngarsane
Pangeran Yehuwah, iku kurban geni sumaos
marang Pangeran Yehuwah. [26] Sabanjure
sira njupuka dhadhane wedhus lanang iku
kang kanggo misudha Harun, kang banjur
sira saosna dadi pisungsung goyangan ana
ing ngarsane Pangeran Yehuwah, iku dadia
pandumanira. [27] Dadine sira kudu nucekake
dhadhane pisungsung goyangan lan sampile
pisungsung-mligi saka wedhus lanang kang
kanggo misudha Harun lan anak-anake. [28] Iku
dadia pandumane Harun lan anak-anake
miturut tatanan kanggo wong Israel ing
salawas-lawase, awitdene iki pisungsung

kusus, mulane iku kudu dadi pisungsung
kusus saka wong Israel, kang kajupuk saka
kurbane slametan, dadi pisungsung kusus
konjuk marang Sang Yehuwah.
29 Sandhangan suci panganggone Harun iku
iya dadia panganggone anak-putune, dianggoa
samangsa padha dijebadi lan ditahbisake.
30 Turune kang nggenteni dadi imam, kang
bakal lumebu ing Tarub Pasewakan perlu
nindakake pangibadah ana ing pasucen, iku
ngantia pitung dina lawase anggone nganggo
sandhangan mau.
31 Wedhus lanang pisungsung tahbisan
iku daginge kajupuka sarta diolaha ana
ing panggonan kang suci. 32 Harun dalah
anak-anake padha mangana daging wedhus
iku karo roti kang ana ing cething ana ing
ngarep lawang Tarub Pasewakan. 33 Harun lan
anak-anake kudu mangan iku kabeh, marga
iku dadi sarana panebuse nalika diwisudha lan
disucekake, nanging wong liyane aja ana kang
melu mangan, marga kabeh iku pisungsung
suci. 34 Daginge pisungsung tahbisan lan
rotine iku, manawa ana turahane nganti
tumeka esuke, iku kaobonga, aja dipangan,
marga kabeh iku pisungsung suci. 35 Dadi
Harun lan anak-anake iku kudu sira tanduki
kaya saprentahingSun marang sira, sajroning
pitung dina lawase anggonira nahbisake.
36 Saben dina sira kudu ngolah sapi lanang siji
minangka kurban pangruwating dosa kanggo
nganakake karukunan sarta misbyah iku kudu
sira sucekake kanthi nganakake karukunan

kanggo iku; sarta sira jebadana supaya
dadi suci. 37 Pitung dina lawase anggonira
nganakake karukunan kanggo misbyah iku,
misbyah iku kudu sira sucekake, satemah
bakal dadi suci pinunjul; sadhengah wong
kang nggepok misbyah iku bakal dadi suci."

Bab kurban esuk lan kurban sore

29:38-46

38 "Anadene kang kudu sira kurbanake ing
misbyah iku: cempe loro kang umur nyetaun,
ajeg saben dina. 39 Cempe kang siji sira saosna
ing wayah esuk lan cempe sijine sira saosna
ing wayah sore. 40 Cempe sijine kaolaha karo
glepung kang becik saprasapuluh efa lan lenga
dheplokan saprapat hin, sarta kurban unjukan
rupa anggur saprapat hin. 41 Cempe sijine
kaolaha ing wayah sore; padha kaya kurban
dhaharan lan kurban unjukan ing wayah
esuk, iku kaolaha minangka pisungsung kang
arum, kurban geni kang kasaosake marang
Pangeran Yehuwah, 42 iku kurban obaran kang
ajeg ana ing tengahira nganti turun-tumurun,
kang kasaosake ing ngareping lawange
Tarub Pasewakan ana ing ngarsane Pangeran
Yehuwah. Marga ana ing kono anggoningSun
bakal manggihi sira sarta ngandika marang
sira. 43 Ana ing kono anggoningSun bakal
manggihi wong Israel, temah panggonan iku
bakal kasucekake dening kamulyaningSun.
44 Mangkono Ingsun bakal nucekake Tarub
Pasewakan lan misbyah iku, sarta Harun lan

anak-anake iya bakal Sunsucekake, supaya
padha dadia imam lumados marang Ingsun.
45 Karodene Ingsun bakal dedalem ana ing
tengahe wong Israel sarta Ingsun bakal
jumeneng Allahe. 46 Ing kono banjur bakal
padha weruh, yen Ingsun iki Yehuwah Allahe,
kang wus ngirid metu saka ing tanah Mesir,
supaya Ingsun dedalem ana ing tengahe, iya
Ingsun iki Yehuwah, Allahe."

Bab misbyah padupan

30:1-10

30 1 "Sira iya gawea misbyah kanggo
ngobong dupa, kayu sittah kang sira
gawe; 2 dawane saasta, ambane iya saasta,
dadi pesagi nanging dhuwure rong asta;
sungune iras-irasan karo misbyahe. 3 Iku
kablongsonga ing mas murni, iya papane
ing dhuwur, iya sisih-sisihe mubeng apadene
sungune, sira wenehana plisir mas mubeng.
4 Karodene misbyah iku iya sira etrapana
gelangan mas kaprenah ana ing sangisore
plisir; sira etrapna ing sisihe misbyah ing
kiwa lan tengen, kanggo slobokane pikulan
samangsa kausung. 5 Anadene pikulan kang
sira gawe iku kayu sittah kang kablongsong
mas. 6 Misbyah padupan iku sira prenahna ing
sangarepe geber kang kanggo ngaling-alingi
pethi angger-angger, ing sangarepe tutup
pangruwatan kang ana ing sadhuwure papan
angger-angger, iya ana ing kono anggoningSun
bakal manggihi sira.

[7] Harun ngobonga dupa kang wangi ana ing
misbyah mau saben esuk, samangsa ngresiki
damar-damar. [8] Lan samangsa Harun nyumed
damar ing wayah sore, Harun iya ngobonga
maneh, dadi pangobonge dupa iku ajeg ana
ing ngarsane Pangeran Yehuwah, ana ing
satengahira turun-tumurun. [9] Ana ing misbyah
iku sira aja ngobong dupa liyane, utawa
kurban obaran apadene kurban dhaharan,
sarta sira iya aja nyaosake kurban unjukan.
[10] Setaun sapisan Harun nindakake panebus
ana ing sungu-sungune misbyah iku, nganggo
getihe kurban pangruwating dosa, anggone
nindakake panebus tumrap misbyah iku saben
setaun sapisan ana ing antaranira nganti
turun-tumurun, iku prakara kang suci pinunjul
kagem Pangeran Yehuwah."

Bab pisungsung-mligi nalika ndaftar wong Israel

30:11-16

[11] Pangandikane Pangeran Yehuwah marang
Nabi Musa, mangkene: [12] "Samangsa sira
ngetung cacahe wong Israel, nalika padha
didaftar, siji-sijine nyaosna pisungsung
minangka panebusing nyawane konjuk
marang Pangeran Yehuwah, supaya sajrone
kacacahake aja nganti padha kena ing
wewelak. [13] Saben wong kang kadaftar
nyaosna dhuwit satengah sekel, ditimbang
miturut sekelan pasucen, sasekel iku bobote
ana rong puluh gerah; satengah sekel iku

minangka pisungsung-mligi konjuk marang
Sang Yehuwah. 14 Wong kang bisa kalebu
ing pendaftaran iku umure rong puluh taun
munggah, iku kudu nyaosake pisungsung-mligi
konjuk marang Pangeran Yehuwah. 15 Wong
sugih anggone asok aja luwih lan wong miskin
aja kurang saka satengah sekel, samangsa
sira padha nyaosake pisungsung-mligi konjuk
marang Sang Yehuwah minangka panebuse
nyawa iku. 16 Anadene dhuwit panebus kang
sira pungut saka wong Israel iku kaanggoa
mragadi pangibadah ana ing Tarub Pasewakan;
pranatan iku dadia pangeling-eling marang
wong Israel ana ing ngarsaning Sang Yehuwah,
lan kanggo panebuse nyawanira kabeh."

Bab padasan kanggo wisuh

30:17-21

17 Pangeran Yehuwah ngandika marang Nabi
Musa, mangkene: 18 "Sira gawea wadhah
banyu tembaga satadhahane iya tembaga,
kanggo sesuci, iku sira prenahna ana ing
saantarane Tarub Pasewakan lan misbyah
sarta isenana banyu. 19 Harun lan anak-anake
padha wisuha tangan lan sikil nganggo banyu
kang ana ing padasan mau. 20 Samangsa arep
lumebu ing Tarub Pasewakan, kudu wisuh
tangan lan sikil, supaya aja nganti nemahi
pati. Mangkono uga samangsa arep menyang
ing misbyah perlu ngladeni pangibadah sarta
ngobong kurban kang kasaosake sarana geni
konjuk marang Pangeran Yehuwah, 21 iya

padha wisuha tangan lan sikil dhisik, supaya aja nganti nemahi pati. Iku dadia pranatan kanggo ing salawase, kanggo Harun saanake turun-tumurun.”

Bab lenga jebad kang suci

30:22-33

22 Pangandikane Sang Yehuwah marang
Nabi Musa, mangkene: 23 “Sira njupuka
bumbu-bumbu pilihan, blendok mur cuwer
limang atus sekel, lan manis jangan kang
wangi bobote separone iku, dadi rong atus
seket sekel, dringo wangi rong atus seket
sekel, 24 kayu teja limang atus sekel, ditimbang
miturut sekel suci, lan lenga jaitun sa-hin.
25 Iku mau kabeh kagawea lenga jebad kang
suci, adon-adon arum kang kagawe kalawan
ngati-ati kaya gaweane juru masak lenga, iku
dadia lenga jebad kang suci.
26 Lenga iku kagawea njebadi Tarub
Pasewakan lan pethine angger-angger, 27 meja
sapirantine kabeh, padamaran sapirantine
lan misbyah padupan; 28 apamaneh misbyah
kurban obaran dalah sapirantine kabeh lan
wadhah banyu satadhahane. 29 Iku kabeh kudu
sira sucekake, supaya dadia suci pinunjul,
sadhengah wong kang nggepok iku bakal dadi
suci, 30 Harun lan para anake iya padha sira
jebadana sarta sira sucekna supaya padha
dadi imam lumados marang Ingsun.
31 Karodene wong Israel padha sira
kandhanana bab dhawuhingSun mangkene:

Iki Suntetepake dadi lenga jebad kang
suci kagem Ingsun ana ing antaranira
turun-tumurun. 32 Aja nganti diesokake ing
awake wong lumrah, lan sira aja gawe lenga
kang kaya mangkono iku kalawan nganggo
adon-adon padha kaya iku; awitdene iku
lenga kang suci, iya sira anggepa suci. 33 Sapa
kang gawe lenga adon-adone padha kaya iku,
lan ngusapake ing awake wong lumrah, iku
kasirnakna saka ing antarane bangsane."

Bab dupa sengkeran

30:34-38

34 Sarta maneh pangandikane Pangeran
Yehuwah marang Nabi Musa: "Sira njupuka
wangen-wangen, yaiku: tlutuh damar, kulit
kayu lokan lan blendok rasamala, wangen-
wangen iku kacampura kalawan menyan
tulen, siji-sijine padha akehe. 35 Kabeh
mau sira dadekna dupa, dadi campuran
bumbu-bumbu kaya gaweane tukang nyampur
bumbu-bumbu, nganggo diwori uyah, tanpa
campuran liyane, dadia suci. 36 Saperangane
campuran iku kajupuka, banjur kabebaka kang
lembut, iku salong kadokokna ana ing ngarepe
pethine angger-angger ing Tarub Pasewakan,
iya ana ing kono anggoningSun manggihi sira,
iku sira anggepa prakara kang suci pinunjul.
37 Anadene dupa kang padha sira gawe manut
campuran mangkono iku aja padha sira gawe
kanggo awakira dhewe, iku kagem Sang
Yehuwah kang suci tumrap sira. 38 Wong kang

gawe lenga kang kaya mangkono dianggo
ambon-ambon, iku kudu kasirnakake saka ing
antarane bangsane.”

Bezaleel lan Aholiab kapatah nggarap

31:1-11

31 [1] Sawuse mangkono Pangeran
Yehuwah ngandika marang Nabi Musa,
mangkene: [2] “Lah Ingsun wus milih Bezaleel
bin Uri bin Hur, saka taler Yehuda, [3] lan wus
Sunpenuhi Rohing Allah, keahlian, kawasisan
tuwin kawruh tumrap sawernaning pagawean,
[4] bisa ngrancang pagawean barang mas,
salaka lan tembaga; [5] nggosok sesotya supaya
kena dipasang; ngukir kayu sarta nindakake
sarupane gegawean. [6] Karodene Ingsun iya
wus netepake minangka rewange ing gawe iya
iku Aholiab bin Ahisamakh, saka taler Dhan;
saben ahli wus Sunparingi keahlian; iku padha
gawea sabarang kang Sunprentahake marang
sira: [7] Tarub Pasewakan, pethi angger-angger,
tutup pangruwatan kanggo pethi mau,
lan sakabehe pirantine tarub iku, [8] kayata
meja sapirantine, padamaran mas murni
sapirantine lan misbyah padupan, [9] misbyah
kurban obaran sapirantine, wadhah banyu
satadhahane, [10] mangkono uga panganggon
dhines, sandhangan suci kanggo Harun sarta
sandhangane para anake kang padha dadi
imam, [11] lenga jebad lan dupa wangi kanggo
ing pasucen; iku kabeh kudu kagawe miturut

plek kaya kang wus Sundhawuhake marang
sira."

Pengetan kanggo nucekake dina Sabat

31:12-17

12 Pangeran Yehuwah ngandika maneh
marang Nabi Musa, mangkene: 13 "Sira
mratelakna pangandikaningSun marang wong
Israel, mangkene: Poma sira padha netepana
dina-dina SabatingSun, awit iku minangka
pratandha ana ing antarane Ingsun lan sira,
nganti turun-tumurun, supaya sira sumurup,
yen Ingsun iki Yehuwah, kang nucekake sira
kabeh. 14 Kang iku sira padha netepana dina
Sabat, awit iku dina suci tumrap sira; sing
sapa nyawiyah kasucene dina Sabat, iku
kaukuma pati, awitdene sadhengah wong
kang nyambut gawe ing dina iku, wong
kaya mangkono mau katumpesa saka ing
satengahe bangsane. 15 Nem dina wong
padha nindakna pagawean, nanging dina
kapitu iku sabat, dina ngaso babarpisan, dina
suci kagem Pangeran Yehuwah; sing sapa
nindakake pagawean ing dina Sabat, iku kudu
kaukum pati. 16 Kang iku wong Israel padha
netepana dina Sabat, dina iku diriyayakna
turun-tumurun, minangka prajanjian kang
langgeng. 17 Iku dadia pratandha ana ing
antarane Ingsun lan wong Israel kanggo ing
salawas-lawase, awitdene sajroning nem dina
anggone Pangeran Yehuwah karya langit lan

bumi, lan ing dina kapitu Panjenengane kendel makarya perlu ngaso."

Nabi Musa nampeni papan angger-angger rong iji

31:18

18 Sawuse Pangeran Yehuwah mungkasi
pangandikane marang Nabi Musa ana
ing gunung Sinai, banjur maringi papan
angger-angger loro, papan watu kang diserati
dening racikaning Allah.

Pedhet emas

32:1-35

32 1 Nalika bangsa iku sumurup, yen
Nabi Musa nganti lawas ora mandhap-
mandhap saka ing gunung, banjur padha
nglumpuk ana ing ngarsane Rama Harun,
ature: "Sumangga, kula panjenengan
damelaken allah, ingkang badhe tindak
wonten ing ngajeng kula; margi Musa,
ingkang sampun ngirid lampah kula medal
saking tanah Mesir punika, kula sami boten
mangertos kadadosanipun." 2 "Pangandikane
Rama Harun marang wong-wong mau: Kowe
padha nyopotana anting-anting mas kang
ana ing kupinge somahmu, lan anak-anakmu
lanang lan wadon, nuli gawenen mrene
kabeh." 3 Ing kono wong akeh banjur padha
nyopoti anting-antinge mas kang ana ing
kupinge somahe lan anak-anake, sarta

diaturake marang Rama Harun. 4 Sawuse
Rama Harun nampeni iku mau kabeh, tumuli
didhapur sarana katatah dadi pepethan pedhet
cor-coran. Ing kono pangucape wong akeh:
“He Israel! Iku allahmu kang wus ngirid
lakumu metu saka ing tanah Mesir.” 5 Bareng
Rama Harun mirsa, banjur yasa misbyah ana
ing sangarepe pepethan pedhet iku, Rama
Harun nuli nguwuh: “Sesuk riyaya sumaos
marang Pangeran Yehuwah!” 6 Esuke tumuli
padha tangi sarta nyajekake kurban obaran
lan kurban slametan, sawuse mangkono wong
mau banjur padha mangan lan ngombe, nuli
ngadeg sarta asumyak-sumyak.
7 Pangeran Yehuwah tumuli ngandika marang
Nabi Musa: “Sira mangkata, mudhuna,
awitdene bangsanira kang wus sira irid lakune
metu saka ing tanah Mesir iku wus tumindak
duraka. 8 Enggal temen anggone nyleweng
saka dalan kang wus Suntedahake; wus
padha gawe reca pedhet mas cor-coran,
sarta iku banjur padha disujudi lan disajeni
kurban, klawan pangucape: He Israel, iki
allahmu kang wus ngirid lakumu metu saka
ing tanah Mesir.” 9 Karomaneh pangandikane
Sang Yehuwah marang Nabi Musa: “Ingsun
wus nyatitekake bangsa iki, lah iki bangsa
kang wangkal. 10 Kang iku sira eklasa,
bebenduningSun mulad-mulad bakal numpes
bangsa iku, nanging sira bakal Sundadekake
bangsa gelengan gedhe.” 11 Nanging Nabi
Musa banjur ngudi nglilihake panggalihe
Pangeran Yehuwah, Gusti Allahe, unjuke:

“Dhuh Yehuwah, punapaa bebendu Paduka
ngantos mulad-mulad dhateng umat Paduka,
ingkang sampun Paduka irid medal saking
tanah Mesir kanthi pangwaos ingkang ageng
saha asta ingkang rosa? [12] Punapaa dene
tiyang Mesir ngantos sami badhe reraosan:
Anggone ngirid wong iku arep digawe sangsara
lan arep dipateni ana ing gunung lan bakal
ditumpes kasirnakake saka ing bumi? Paduka
mugi karsaa nyirep mulad-mulading bebendhu
Paduka, saha karsaa nggetuni bab bilai
ingkang badhe Paduka dhawahaken dhateng
umat Paduka. [13] Paduka mugi karsaa enget
dhateng abdi Paduka, Rama Abraham, Rama
Iskak lan Rama Israel, ingkang sampun
Paduka paringi prasetya kanthi supaos dhemi
sarira Paduka pribadi saha sami Paduka
pangandikani: Turunira bakal Suntangkar-
tangkarake nganti kaya lintang ing langit,
lan tanah kang wus Sunjanjekake iku kabeh
bakal Sunparingake marang turunira, supaya
dadi darbeke ing salawas-lawase.” [14] Ing
kono Pangeran Yehuwah apiduwung ing bab
bilai kang wus karancang bakal katandukake
marang umate.

[15] Nabi Musa tumuli mundur, mandhap saka
ing gunung karo ngasta papan angger-angger
loro, papan kang padha kaseratan sisih loro
pisan, ing ngarep lan ing buri. [16] Papan loro
mau yasane Gusti Allah, tulisane iya seratane
Gusti Allah pribadi, kaukir ana ing papan mau.
[17] Bareng Yusak krungu giyak-giyake wong
akeh, banjur matur marang Nabi Musa: “Ing

palereban kepireng swara suraking perang!”
18 Nanging pangandikane Nabi Musa: “Iku
dudu swaraning kidung kaunggulan lan iya
dudu kidung pangadhuh marga kasoran,
aku krungu swarane kidung saur-sauran.”
19 Kacarita bareng wus cedhak ing palereban,
sarta mirsa reca pedhet lan wong-wong padha
jejogedan, Nabi Musa banjur duka banget,
nganti papan watu loro mau dibanting, temah
pecah ana ing sikile gunung. 20 Reca pedhet
gaweane wong-wong mau banjur dipundhut
dening Nabi Musa, diobong sarta diejur-ejur
nganti dadi lembut banget, tumuli disawurake
ing banyu lan wong Israel padha didhawuhi
ngombe banyu iku.
21 Nabi Musa tumuli ngandika marang Rama
Harun: “Bangsa iki nandukake apa marang
kowe, dene kowe nganti nekakake dosa kang
samono gedhene marang wong-wong iki?”
22 Nanging wangsulane Rama Harun: “Sampun
ngantos duka bendara kula, panjenengan
pirsa piyambak bilih bangsa punika sampun
kawengku ing piawon, 23 cariyosipun dhateng
kula makaten: Kula mugi panjenengan
damelaken allah ingkang badhe tindak wonten
ngajeng kula, awitdene Musa ingkang sampun
ngirid lampah kula medal saking tanah Mesir,
kula boten sumerep kedadosanipun. 24 Kula
lajeng mangsuli makaten: Sapa kang duwe
mas dicopota! Tiyang-tiyang wau lajeng
ngladosaken masipun dhateng kula, lajeng
kula lebetaken ing latu, ingkang muncul reca
pedhet punika.”

[25] Bareng Nabi Musa mirsa yen bangsa iku
kaya jaran kang mbedhal saka ing gedhongan,
marga Rama Harun kang ngeculake, temah
dadi pepoyokane para satrune. [26] Nabi Musa
banjur jumeneng mapan ana ing gapurane
palereban sarta ngandika: "Sing sapa
nganggep marang Pangeran Yehuwah, majua
mrene!" Ing kono bani Lewi padha maju
kabeh marang ing ngarsane Nabi Musa. [27] Nuli
padha kadhawuhan: "Pangandikane Pangeran
Yehuwah, Gusti Allahe Israel mangkene:
Kabeh padha nyengkelita pedhang ana ing
lambungmu, palerebane padha dlajahana
saka ing gapura siji terus tekan ing gapura
sijine, lan saben wong matenana sadulure,
kancane lan tangga-teparone!" [28] Wong bani
Lewi banjur padha ngestokake apa sadhawuhe
Nabi Musa, temah ing dina iku panunggalane
umat kang padha mati watara wong telung
ewu. [29] Sawuse mangkono Nabi Musa tumuli
ngandika: "Wiwit samengko kowe padha
misungsungna awakmu marang Pangeran
Yehuwah, siji-sijine padha misungsungna
nyawane anake lanang lan sadulure, temah
kowe padha kaparingan berkah ing dina iki."
[30] Esuke Nabi Musa ngandika marang
bangsa iku: "Kowe wus padha nglakoni dosa
gedhe, nanging saiki aku dakmunggah seba
marang ing ngarsane Pangeran Yehuwah,
bokmanawa aku bisa ngolehake karukunan
marga saka dosamu iku." [31] Nabi Musa
banjur sowan marang ing ngarsane Pangeran
Yehuwah sarta munjuk: "Adhuh, bangsa

punika sampun nglampahi dosa ageng,
dene sampun sami damel allah mas kangge
sesembahan. [32] Ewasamanten sapunika
Paduka mugi karsaa ngapunten dosanipun,
dene manawi boten kepareng, nama kawula
kemawon mugi Paduka icali saking kitab
seratan Paduka.” [33] Pangandikane Sang
Yehuwah marang Nabi Musa: “Wong kang
gawe dosa marang Ingsun, iku kang Sunbusek
jenenge saka ing kitabingSun. [34] Nanging
samengko wis, sira lungaa, bangsa iku kairida
menyang panggonan kang wus Sundhawuhake
marang sira, lan malaekatingSun kang bakal
lumaku ana ing ngarepira; nanging ing dina
piwalesingSun, Ingsun bakal paring piwales
tumrap dosane marang wong-wong iku.”
[35] Mangkono Pangeran Yehuwah anggone
matrapi bangsa iku, awit wus padha akon
gawe pedhet, kang banjur kayasa dening
Rama Harun mau.

Nabi Musa nyuwun panganthining Yehuwah ana ing pasamunan

33:1-23

33 [1] Pangeran Yehuwah tumuli ngandika
marang Nabi Musa: “Wis, sira lungaa,
mangkata saka ing kene, sira dalah bangsa
kang wus sira irid lakune metu saka ing
tanah Mesir iku, padha menyanga ing tanah
kang wus Sunprasetyakake klawan supaos
marang Abraham, Iskak lan Yakub mangkene:
Turunira kang bakal Sunparingi tanah iku --

2 Ingsun bakal nglampahake malaekat siji
kang bakal lumaku ana ing ngarepira sarta
bakal nundhungi bangsa Kanaan, bangsa
Amori, bangsa Het, bangsa Feris, bangsa
Hewi lan bangsa Yebus -- 3 yaiku tanah kang
luber puwan lan madu, sabab Ingsun ora
bakal tindak ana ing tengahira, marga sira
iku bangsa kang wangkal, supaya sira ora
Suntumpes ana ing dedalan.” 4 Nalika bangsa
iku krungu pangandika pangancam kang
nggegirisi iku, banjur padha susah, lan ora
ana siji-sijia kang manganggo rerenggane.
5 Marga wus ana pangandikane Pangeran
Yehuwah marang Nabi Musa: “Sira nglantarna
pangandikaningSun marang wong Israel: Sira
iku bangsa kang wangkal. Saupama Ingsun
tindak ana ing tengahira munga sadhela bae,
mesthi sira bakal padha Suntumpes. Kang
iku saiki sira padha nyelehna rerengganira,
nuli Ingsun bakal nggalih, apa kang bakal
Suntandukake marang sira.” 6 Marga saka iku
wong Israel padha ora nganggo rerenggan
maneh, wiwit saka ing gunung Horeb iku.
7 Sawuse iku Nabi Musa banjur mendhet tarub
sarta ditancebake ing sajabane palereban
kapara adoh, iku diarani Tarub Pasewakan.
Saben wong kang ngupaya marang Pangeran
Yehuwah, iku nuli mara menyang ing Tarub
Pasewakan kang ana ing sajabane palereban.
8 Samangsa Nabi Musa menyang ing tarub
iku, wong kabeh padha mapan ngadeg
ana lawanging tarube dhewe-dhewe, karo
mandeng marang tindake nganti salebete ing

tarub. 9 Manawa Nabi Musa lumebet ing tarub
mau, tugu mega nuli mudhun mapan ana ing
lawangane tarub, sarta Pangeran Yehuwah
banjur imbal pangandika karo Nabi Musa.
10 Bareng wong kabeh padha ndeleng tugu
mega mapan ana ing lawangane tarub, wong
sabangsa padha ngadeg, tumuli sumungkem
sujud, saben wong ana ing lawanging tarube
dhewe. 11 Pangeran Yehuwah anggone imbal
pangandika karo Nabi Musa iku aben-ajeng
kaya wong guneman karo kancane; sawuse
mangkono Nabi Musa tumuli bali menyang ing
palereban maneh, nanging abdine, Yusak bin
Nun wong nom-noman iku ora lunga saka ing
tarub. 12 Nabi Musa banjur munjuk marang
Pangeran Yehuwah: "Lah kawula Paduka
pangandikani: Bangsa iki konen mangkat,
mangka Paduka boten paring sumerep
dhateng kawula, sinten ingkang badhe Paduka
dhawuhi nyarengi kawula; ewadene sampun
wonten pangandika Paduka dhateng kawula:
Ingsun wanuh marang jenengira, lan sira iya
wus oleh sih-mirma ana ing ngarsaningSun.
13 Ingkang punika manawi kawula pancen
angsal sih-mirma wonten ing ngarsa Paduka,
panyuwun kawula mugi kawula kasumerepna
dhateng ing pangreh Paduka, supados kawula
sageda mangertos Paduka, supados kawula
tetep nampeni sih-mirma wonten ing ngarsa
Paduka. Paduka mugi karsaa enget, bilih
bangsa punika umat Paduka." 14 Pangandikane
Pangeran Yehuwah: "Ingsun pribadi kang bakal

nganthi marang sira lan maringi katentreman
marang sira."
15 Unjuke Nabi Musa marang Sang Yehuwah:
"Manawi sanes Paduka pribadi ingkang nganthi
kawula, kawula mugi sampun ngantos Paduka
dhawuhi bidhal saking ngriki. 16 Kadospundi
sagedipun kasumerepan, manawi kawula
sampun tampi sih-mirma wonten ing ngarsa
Paduka, inggih kawula dalah umat Paduka
punika? Punika rak margi Paduka nganti
lampah kawula sadaya, ngantos kawula
dalah umat Paduka punika kabedakaken
kaliyan bangsa-bangsa ingkang wonten ing
salumahipun bumi punika." 17 Pangandikane
Pangeran Yehuwah marang Nabi Musa:
"Panyuwunira iku iya bakal Sunsembadani,
awitdene sira wus oleh sih-mirma ana ing
ngarsaningSun lan Ingsun wus wanuh marang
sira."
18 Nanging unjuke Nabi Musa: "Paduka
mugi karsaa ngatingalaken kamulyan Paduka
dhateng kawula!" 19 Pangandikane Sang
Yehuwah: "Sakehing kamulyaningSun bakal
Sunlampahake ana ngarepira lan Ingsun
bakal ngumandhangake asmane Pangeran
Yehuwah ana ing ngarepira, Ingsun bakal
paring sih-mirma lan melasi marang sapa
kang Sunwelasi." 20 Pangeran Yehuwah
ngandika maneh: "Sira mesthi ora bisa
tahan ndeleng pasuryaningSun, awit ora
ana manungsa kang ndeleng Ingsun bisa
lestari urip." 21 Karomaneh pangandikane Sang
Yehuwah: "Lah ing sacedhakingSun kene

ana papan kang kena sira enciki, kaprenah
ana ing dhuwur parang, [22] nuli samangsa
kamulyaningSun tindak langkung, sira bakal
Sunlebokake ing lowahane parang iku lan sira
Suntamengi astaningsun, nganti Ingsun wus
langkung. [23] Sawuse mangkono astaningSun
bakal Sunsingkirake lan sira bakal ndeleng
pengkeraningSun, nanging pasuryaningSun
ora bakal katon."

Papan watu loro kang anyar

34:1-35

34 [1] Pangeran Yehuwah tumuli ngandika
marang Nabi Musa: "Sira mrejenga
papan watu loro kaya kang dhisik, papan mau
bakal Sunserati pangandika padha kaya kang
ana ing papan sakawit kang wus sira remuk
iku. [2] Karodene sira cecawisa ngarepake wayah
esuk lan manawa wus esuk sira munggaha
ing gunung Sinai; sira ngadega ngadhepake
Ingsun ana ing pucake gunung iku. [3] Nanging
aja ana wong siji bae kang melu munggah karo
sira, iya aja ana wong kang katon kumliwer
ing sawratane gunung, sanajan wedhus utawa
sapi, aja ana kang diengon ing sakubenge
gunung iku."

[4] Nabi Musa banjur mrejeng papan watu
loro kaya kang dhisik; ing wayah esuk tumuli
wungu sarta minggah ing gunung Sinai, kaya
kang wus didhawuhake dening Pangeran
Yehuwah, sarta ngasta papan watu loro mau.
[5] Pangeran Yehuwah banjur tumendhak ana

ing mega, tumuli jumeneng ana ing sacedhake
Nabi Musa sarta nyebut asmaning Sang
Yehuwah. 6 Ing kono Pangeran Yehuwah banjur
tindak langkung ngarepe sarta nguwuh-uwuh:
“Yehuwah, Yehuwah, iku Allah kang asipat
welas lan asih, luwih dening sabar, gedhe
kamirahane lan kasetyane, 7 kang netepake sih
susetyane marang wong ewon, kang ngapura
kaluputan, panerak lan dosa; nanging babar
pisan ora ngalisake wong kang salah saka ing
paukuman, kang malesake kaluputaning bapa
marang anak-putune, turun ping telu lan ping
pat.”
8 Nabi Musa enggal-enggal sumungkem
konjem ing bumi sarta sujud, 9 unjuke: “Dhuh
Pangeran, manawi kawula sampun manggih
sih palimirma wonten ing ngarsa Paduka, dhuh
Yehuwah, Paduka mugi karsaa tindak wonten
ing tengah-tengah kawula; sanadyan bangsa
punika bangsa ingkang wangkal, Paduka
mugi ngapunten kalepatan saha dosa kawula
sadaya; kawula mugi sami Paduka pundhut
dados kagungan Paduka.”
10 Pangeran Yehuwah tumuli ngandika: “Lah
Ingsun nganakake prajanjian. Ana ing ngarepe
bangsanira kabeh, Ingsun bakal nindakake
kaelokan kang durung tau kelakon ana ing
salumahing bumi ing satengahe sakehe
bangsa; temah bangsanira kabeh bakal
padha nyipati pakaryaning Yehuwah, awitdene
apa kang bakal Suntindakake marang sira
iku nyata-nyata nggegirisi. 11 Nanging sira
netepana prentahingSun marang sira ing

dina iki. Lah Ingsun bakal nundhungi saka
ngarepanira, wong Amori, wong Kanaan, wong
Het, wong Feris, wong Hewi lan wong Yebus.
12 Poma, sira aja gawe prajanjian karo wong
isine tanah kang bakal padha sira tekani iku,
aja nganti wong iku padha dadi kala-jiret ana
ing tengahira. 13 Malah misbyah-misbyahe
padha sira rubuhna, tugu-tugune brahala
padha sira remukana, kayu-kayu pepundhene
sira tegorana. 14 Amarga sira aja padha
sujud marang allah liyane, marga Pangeran
Yehuwah, kang asma Sujanan, iku pancen
Allah kang sujanan. 15 Kang iku sira aja
nganti gawe prajanjian karo wong isine
tanah kono; samangsa bangsa iku padha
bedhangan lan ngetut-buri marang allahe
lan padha sesaji marang allahe, sira bakal
padha diulemi, lan sira bakal padha melu
mangan kurban sembelehane. 16 Manawa
sira njupuk anak-anake wadon sira olehake
anak-anakira, lan anake wadon iku samangsa
padha bebedhangan kalawan ngetut-buri
marang allahe, iku mesthi bakal mbujuk
anak-anakira supaya laku bedhang kalawan
ngetut-buri marang allahe mau. 17 Sira aja
gawe allah cor-coran kanggo sira.
18 Sira netepana riyaya Roti Tanpa Ragi;
pitung dina lawase sira kudu mangan roti tanpa
ragi, kaya kang wus Sunprentahake marang
sira, ing waktu kang wus katetepake ana ing
sasi Abib; awit mbeneri ing sasi iku anggonira
metu saka tanah Mesir. 19 Sadhengah kang
lair dhisik dhewe, iku dadi kagunganingSun,

uga sakehe kewanira kang lanang, pambarepe
sapi utawa wedhus. [20] Nanging anake kuldi
kang pambarep iku katebusa sarana cempe;
saupama ora sira tebus, kaputunga cengele.
Saben anakira pambarep kang lanang iku kudu
sira tebus. Saben wong kang seba marang
ing ngarsaningSun ora kena tanpa nggawa
apa-apa.
[21] Nem dina sira nyambuta gawe, nanging
ing dina kapitu sira lerena; sanadyan ing
mangsa mluku utawa panen sira iya kudu
netepi dina palerenan iku. [22] Sira netepana
riyaya pungkasaning pitung minggu, iya iku
riyaya wiwitane panen gandum, apadene
riyaya undhuh-undhuh ing pungkasane taun.
[23] Setaun rambah kaping telu sakehe wong
lanang panunggalanira padha sebaa marang
ing ngarsane Pangeran Yehuwah, Gusti Allahe
Israel, [24] awitdene Ingsun bakal nundhungi
bangsa-bangsa saka ing ngarepira sarta ngelar
jajahanira. Lan ora ana bangsa kang bakal
melik ngebeki tanahira, angger sira tetep seba
marang ing ngarsane Pangeran Yehuwah Gusti
Allahira setaun rambah kaping telu. [25] Anggone
nyaosake kurban sembelehan marang Ingsun
iku aja dikantheni apa-apa kang mawa ragi,
kurban sembelehan ing riyaya Paskah aja
nganti nginep tekan esuke. [26] Wiwitaning
pametune buminira kang becik dhewe sira
ladekna menyang padalemaning Pangeran
Yehuwah, Gusti Allahira. Sira aja ngolah
daging cempe nganggo puwane embokne.”

27 Pangeran Yehuwah banjur ngandika
maneh marang Nabi Musa: “Pepakon iku sira
tulisana, awitdene adhedhasar pepakon mau
anggoningSun damel prajanjian karo sira lan
Israel.” 28 Nabi Musa anggone ana ing kono
kalawan Sang Yehuwah lawase patang puluh
dina patang puluh bengi, ora dhahar roti lan
ora ngunjuk banyu. Anadene panjenengane
nyerati sakehing tetembunganing prajanjian
ana ing papan watu, yaiku Sabda Sepuluh.
29 Kacarita nalika Nabi Musa tumedhak
saka ing gunung Sinai, -- papan angger-
anggering Allah sakarone kaasta mandhap,
nalika mandhap saka ing gunung mau
-- panjenengane ora mirsa yen kuliting
pasuryane mencorong marga saka anggone
wus imbal wacana karo Pangeran Yehuwah.
30 Bareng Rama Harun lan sakehe wong
Israel padha ndeleng Nabi Musa, kuliting
pasuryane katon mencorong, banjur padha
wedi nyedhaki panjenengane. 31 Nanging
Nabi Musa tumuli nimbali wong-wong
mau, temah Rama Harun lan sakehe para
panggedhene pasamuwan padha bali sowan,
banjur padha dipangandikani dening Nabi
Musa. 32 Sawuse mangkono sakehe wong
Israel iya banjur padha nyedhak uga, sarta
padha dipangandikani bab apa kang wus
kadhawuhake dening Sang Yehuwah ana
ing gunung Sinai. 33 Bareng Nabi Musa wus
rampung anggone mangandikani wong-wong
mau, banjur nutupi pasuryane kalawan
kacu. 34 Nanging samangsa Nabi Musa sowan

marang ing ngarsaning Pangeran Yehuwah perlu imbal wacana, kacu mau diselehake nganti saundure. Dene samangsa wus ana ing jaba, apa kang wus kadhawuhake iku kawartosake marang wong Israel.
35 Manawa wong Israel ndeleng kuliting
pasuryane Nabi Musa mencorong, Nabi
Musa banjur nutupi pasuryane maneh nganti
panjenengane lumebet ngadhep perlu imbal
wacana karo Pangeran Yehuwah.

Dhawuh supaya nucekake dina Sabat

35:1-3

35 1 Nabi Musa banjur nglempakake
sapasamuwane wong Israel kabeh,
sarta padha dipangandikani mangkene: "Iki
pangandika kang kadhawuhake dening Sang
Yehuwah supaya padha dilakoni. 2 Nem dina
wong padha nindakna pagaweane, nanging ing
dina kapitu kudu ana wektu ngaso kang suci,
yaiku Sabat, dina ngaso babar pisan kagem
Pangeran Yehuwah. Sadhengah wong kang
nglakoni pagawean ing dina iku, kudu kaukum
pati. 3 Ing dina Sabat kowe aja padha daden
geni ana ing ngendi bae ing sajroning papan
panggonanmu."

Pisungsung-mligi kanggo ngadegake Tarub Pasewakan lan kanggo nindakake tata pangibadah ana ing kono

35:4-29

4 Karomaneh pangandikane Nabi Musa
marang sapasamuwane wong Israel kabeh:
"Iki pangandika kang kadhawuhake dening
Pangeran Yehuwah: 5 Sira padha ngaturna
pisungsung-mligi konjuk marang Sang
Yehuwah saka kang sira duweni. Saben
wong kang legawa atine iku nggawaa
pisungsung-mligi konjuk marang Sang
Yehuwah: mas, selaka, tembaga, 6 bakal
wungu tuwa, bakal wungu nom, bakal
jingga, lena alus, wulu wedhus, 7 lulang
wedhus gembel lanang kang dipulas abang,
lulang dhuyung, kayu sittah, 8 lenga kanggo
padamaran, bumbu-bumbu kanggo lenga
jebad lan dupa kang wangi-wangi, 9 sesotya
krisopras lan sesotya kang bakal kaembanan
kanggo ing kotang efod sarta ing tutup
dhadha. 10 Nuli sakehe wong panunggalanira
kang ahli padha tekaa lan gawea samubarang
kang wus kadhawuhake dening Pangeran
Yehuwah, 11 yaiku Tarub Suci, payoning
Tarub, lan tutuping payon, canthelane lan
blabage, kendhite, sakane lan ompake;
12 pethi dalah pikulane, tutup pangruwatan
lan gebere aling-aling; 13 meja dalah pikulane
lan sapirantine kabeh lan roti sesaosan;
14 padamaran kang kanggo madhangi dalah

pirantine, samare lan lengane kang kanggo
padamaran mau; [15] misbyah padupan dalah
pikulane, lenga jebad lan dupa saka bumbu
kang wangi; klambu lawanganing Tarub Suci;
[16] misbyah kurban obaran dalah pancak-sujine
tembaga, pikulane lan sapirantine kabeh,
wadhah banyu satadhahane; [17] geber plataran,
cagake, ompake lan klambu gapura plataran;
[18] pathoke Tarub Suci lan pathoke plataran
dalah taline; [19] sandhangan dines kanggo
ngladeni ana ing pasucen, lan sandhangan suci
panganggone Imam Harun lan sandhangane
para anake kanggo ngimami."

[20] Wong sapasamuwane Israel kabeh banjur
padha bubaran saka ngarsane Nabi Musa.
[21] Sawuse mangkono saben wong kang adreng
atine, kanthi lila legawa padha ngaturake
pisungsung-mligi konjuk marang Pangeran
Yehuwah, kanggo pagawean mgrampungake
Tarub Pasewakan lan kanggo sakehing
kaperluan pangibadah ana ing kono apadene
kanggo yasa sandhangan suci. [22] Sakehe
wong kang lila legawa atine, lanang wadon,
padha teka nggawa anting-anting irung,
anting-anting kuping, ali-ali cap lan kalung,
sawernaning barang mas-masan; mangkono
uga saben wong kang nyaosake pisungsung
mas kagem Pangeran Yehuwah minangka
pisungsung goyangan, [23] lan saben wong
kang duwe bakal wungu tuwa, bakal wungu
nom, bakal jingga, lena alus, wulu wedhus,
lulang wedhus gembel lanang kang dipulas
abang, apadene lulang dhuyung, iya teka

nggawa iku. 24 Saben wong kang arep
nyaosake pisungsung-mligi awujud selaka
utawa tembaga, iku iya teka kalawan nggawa
pisungsung-mligi iku konjuk marang Sang
Yehuwah, lan saben wong kang duwe kayu
sittah, iya teka nggawa iku kanggo ngedegake
tarub iku. 25 Karodene sakehe wong wadon
kang ahli, padha ngantih dhewe banjur
nggawa kang wus diantih mau, yaiku bakal
wungu tuwa, bakal wungu nom, bakal jingga
lan lena alus. 26 Lan sakehe wong wadon kang
duwe keahlian kanthi legawa padha ngantih
wulu wedhus. 27 Para panggedhe padha
nggawa sesotya krisopras lan sesotya kang
bakal diembani kanggo kotang efod lan tutup
dhadha, 28 bumbu-bumbu tuwin lenga kanggo
padamaran, kanggo lenga jebad lan kanggo
dupa wangi. 29 Sakehe wong lanang lan wadon
kang legawa atine padha nguruni kanggo
sabarang gegawean kang kadhawuhake
dening Pangeran Yehuwah lumantar Nabi Musa
supaya digarap wong-wong iku, yaiku wong
Israel, iku padha ngladekake pisungsung-mligi
konjuk marang Pangeran Yehuwah.

Bezaleel lan Aholiab kaangkat

35:30--36:7

30 Nabi Musa tumuli ngandika marang wong
Israel: “Lah, Pangeran Yehuwah wus netepake
Bezaleel bin Uri bin Hur, saka taler Yehuda,
31 wus kaparingan Rohe Gusti Allah, temah
nduweni keahlian, pangreten lan kawruh

tumrap sarupane gegawean, [32] yaiku bisa
gawe rancangan kang kudu ditindakake bab
gawe dandanan mas, selaka lan tembaga,
[33] ngukir-ngukir sesotya kang kagawe isen,
ngukir kayu lan nindakake sarupane pagawean
kang wus karancang mau. [34] Sarta Pangeran
Yehuwah wus maringake kapinteran ana
ing atine, mangkono uga marang Aholiab
bin Ahisamakh saka taler Dhan, temah bisa
memulang, [35] padha kaparingan keahlian
bisa nggarap sarupane pagawean tukang,
gaweane wong kang ahli, nggarap barang
sulaman kang manca-warna saka bakal wungu
tuwa, bakal wungu nom, bakal jingga lan lena
alus, apadene tenunan, ringkes bisa nggarap
sakabehe pagawean lan ngrancang rupa-rupa.

36 [1] Kaya mangkono anggone kudu
nyambut-gawe Bezaleel lan Aholiab lan
saben wong kang ahli, kang wus kaparingan
keahlian lan pangreten dening Sang Yehuwah,
temah padha ngreti pratikele nggarap
sarupane pegawean kanggo ngadegake
pasucen, nyondhongi apa sadhawuhe
Pangeran Yehuwah."

[2] Nabi Musa banjur nimbali Bezaleel karo
Aholiab lan saben wong kang ahli, kang
ing sajroning atine wus padha kaparingan
kawasisan dening Pangeran Yehuwah, iya
sakehe wong kang legawa atine supaya
padha teka nindakake pagawean iku. [3] Iku
nuli padha nampani saka astane Nabi
Musa sakehe pisungsung-mligi atur-ature
wong Israel kanggo ing ayahan ngadegake

pasucen. Nanging wong Israel iku saben
esuk isih terus ndlidir bae anggone padha
ngaturake pisungsung manasuka marang
Nabi Musa. 4 Lan sakehe para ahli kang
nandangi sakehe pagawean kanggo pasucen
iku padha teka kalawan ninggal pagaweane
dhewe-dhewe, 5 banjur padha sowan marang
ing ngarsane Nabi Musa sarta matur:
"Tiyang-tiyang anggenipun sami ngaturaken
sampun nglangkungi saking ingkang dipun
betahaken kangge ngayahi padamelan ingkang
kadhawuhaken dening Pangeran Yehuwah."
6 Nabi Musa tumuli dhawuh ngudhangake
ana ing palereban, mangkene: "Wong lanang
utawa wadon wus ora susah nggawa apa-apa
maneh minangka pisungsung-mligi kanggo
ing pasucen." Mangkono dadine rakyat mau
kapenggak anggone ngaturake pisungsung
maneh. 7 Marga bahan kang dibutuhake
kanggo nggarap sakehe pagawean wus cukup,
malah kepara turah.

Panggarape Tarub Suci

36:8-38

8 Ing antarane para tukang-tukang mau kang
ahli banjur padha nggarap Tarub Suci kanthi
migunakake tendha lena alus kang benange
kaantih lan bakal wungu tuwa, bakal wungu
nom, lan bakal jingga cacahe sapuluh; lan ana
kerube gaweane ahli tenun, kabeh iku kagawe
ing wong. 9 Dawane saben tendha wolulikur
asta lan ambane saben tendha patang asta,

tendha mau kabeh ukurane padha. [10] Tendha
mau kang lima disambung-sambung dadi
siji, lan kang lima uga dirangkep dadi siji.
[11] Pungkasane tendha rangkep kang siji, ing
pinggir pojok, dietrapi kolongan tali wungu
tuwa, mangkono uga tendha rangkep sijine
iya dietrapi mangkono. [12] Kolongan seket
dietrapake ing tendha kang siji, lan kolongan
seket maneh ing pinggire tendha sijine. Trape
kolongan mau siji lan sijine adhep-adhepan.
[13] Sarta gawe canthelan mas seket iji, tendha
siji lan sijine banjur dadi siji disambung
kalawan canthelan mau. [14] Nuli gawe tendha
wulu wedhus kanggo payon kang nutupi
Kemah Suci, cacahe sawelas kang digawe.
[15] Saben tendha dawane telung puluh asta
lan ambane patang asta, tendha sawelas
mau ukurane padha. [16] Tendha kang lima
disambung-sambung dadi siji, dene tendha
kang nem iya disambung dhewe. [17] Banjur
gawe kolongan tali seket kaetrapake ing
pinggiring tendha sambungan kang siji ana ing
pungkasan, lan kolongan seket ing pinggiring
tendha sijine. [18] Mangkono maneh iya gawe
canthelan tembaga seket kanggo nggandheng
tendha-tendha mau dadi siji. [19] Tarub mau
iya digawekake payon lulang wedhus gembel
lanang kang dipulas abang lan ing sadhuwure
katutupan ing lulang dhuyung.

[20] Tarub Suci iku digawekake blabag kayu
sittah, kang didegake jejeg, [21] dawane saben
blabag sapuluh asta lan ambane karo tengah
asta. [22] Saben blabag ana puruse loro jejer,

kaya mangkono anggone gawe kabeh blabag
ing Tarub Suci. 23 Anggone gawe blabage
Tarub Suci iku, rong puluh dipasang ana iring
kidul, 24 blabag rong puluh mau digawekake
ompak selaka patang puluh, dadi saben blabag
siji ompake loro kanggo purus loro mau,
lan sabanjure saben blabag siji ompake loro
kanggo purus loro. 25 Ing sisihe Tarub Suci
sijine, ing sisih lor, iya digawekake blabag rong
puluh iji, 26 karo ompake selaka patang puluh
iji, blabag siji ompake loro, lan ing sabanjure
ompak loro kanggo blabag siji. 27 Ing burine
Tarub Suci iya iku sisih kulon, digawekake
blabag nem iji. 28 Kanggo pojoking Tarub Suci
kagawekake blabag loro kanggo ing sisih
buri. 29 Blabag loro mau ing ngisor lan ing
dhuwur padha plek lan gandheng nganti tekan
ing gelangan kang kapisan; kaya mangkono
anggone gawe karo pisan ana ing pojok loro
mau. 30 Dadi gunggung ana blabag wolung iji
dalah ompake salaka, kabeh nembelas; blabag
siji ompake loro.

31 Sarta maneh iya gawe kendhit kayu sittah:
lima kanggo blabag-blabag ing sisihe kang
siji Tarub Suci, 32 lan lima maneh kanggo
ing sisihe kang kapindho Tarub Suci, sarta
lima maneh kanggo ing sisih buri, ing sisih
kulon. 33 Ing tengah kagawekake kendhit
wiwit poncot tekan poncot. 34 Blabag-blabag
mau diblongsong ing mas, lan gelangan kang
dadi slobokane kendhit iku kang digawe mas;
kendhite iya padha diblongsonga ing mas.

35 Banjur gawe klambu ngarep, kang kagawe
bakal wungu tuwa, bakal wungu nom, bakal
jingga, lena alus kang benange kaantih,
kadokokan kerub gaweaning ahli tenun.
36 Klambu iku kagawekake cagak kayu sittah
papat kang kablongsong ing mas, canthelane
iya mas, sarta cagak-cagak iku padha
kadokokana ompak salaka cor-coran papat.
37 Lawange Tarub iya kagawekake klambu,
kang kagawe bakal wungu tuwa, bakal
wungu nom, bakal jingga lan lena alus kang
benange kaantih: tenunan kang manca-warna,
38 anadene sakane lima lan ana canthelane
kanggo cagak-cagak mau; pojoke lan
sambungane padha diblongsong ing mas, dene
ompake lima iku tembaga.

Gawe pethi prajanjian

37:1-9

37 1 Bezaleel nuli gawe pethi iku, kang
kagawe kayu sittah, dawane loro
satengah asta, ambane karotengah asta,
lan dhuwure iya karotengah asta, 2 banjur
diblongsong ing mas murni ing jero lan ing
jabane, sarta dietrapi plisir mas mubeng temu
gelang. 3 Karodene iya digawekake gelangan
mas cor-coran patang iji padha kaetrapake ing
pojoke ngisor papat pisan, yaiku gelangan loro
ana iringan kang siji, gelangan loro maneh
ana iringan sijine. 4 Sarta maneh gawe pikulan
kayu sittah padha kablongsong ing mas,

[5] pikulan iku dislobokake ing gelangan kang
ana ing iringane pethi, kagawe ngusung.
[6] Nuli iya gawe tutup pangruwatan kang
kagawe mas murni, dawane loro satengah
asta lan ambane karotengah asta, [7] sarta
iya yasa kerub mas loro kang kagawe mas
gemblengan, kaprenahake ing pungkasane
tutup pangruwatan iku. [8] Kerub kang siji ana
ing pungkasaning sisih kenene, lan kerub
sijine ana ing pungkasaning sisih kananing
tutup, kerub sakarone padha digawe irasan
karo tutup pangruwatan mau kaprenah ing
poncot karo-karone. [9] Kerub-kerub iku padha
mbeber swiwine karo pisan mandhuwur ngaubi
tutup pangruwatan, sarta raine arep-arepan
lan tumungkul marang tutup pangruwatan.

Gawe meja roti sesaosan

37:10-16

[10] Bezaleel mau iya gawe meja kayu sittah,
dawane rong asta, ambane saasta, dhuwure
karotengah asta, [11] diblongsong ing mas murni
lan dietrapi plisir mas mubeng. [12] Karodene
diwenehi wengku mubeng temu gelang
ambane satebah, lan wengku mau iya dietrapi
plisir mas mubeng. [13] Sarta digawekake
gelangan mas cor-coran patang iji, gelangan
iku padha dipasang ing saben pojok, kaprenah
ing sikile papat pisan. [14] Gelangane padha
mepet ing wengku, gelangan iku minangka
slobokane pikulan kang kagawe ngusung
meja mau. [15] Pikulane iku kayu sittah kang

kablongsong ing mas, kagawe ngusung meja
iku. 16 Lan iya gawe piranti kang tumumpang
ing meja iku, yaiku pinggan lan piring, tuwung
lan kendhi, kang kagawe ngesok kurban
unjukan, kabeh kang kagawe mas murni.

Gawe padamaran

37:17-24

17 Karomaneh iya gawe padamaran mas
murni, padamaran iku kang digawe mas
gemblengan, iya dhasare iya sikilane,
iya adeg-adege lan slagane, kudhupe lan
kembange, kabeh padha kagawe irasan. 18 Ana
pange nem metu saka ing lambunge, pange
padamaran mau telu saka ing sisih kenene,
lan telu saka ing sisih kanane lambung.
19 Siji-sijine pang ana rerekane salaga
kembang saked telung iji karo rerekan kudhup
lan kembang; dadi pange nem kang metu
saka padamaran iku iya padha kaya mangkono
kabeh. 20 Dene adeg-adege padamaran iku
dhewe iya ana slagane kembang saked
patang iji karo kudhup lan kembang. 21 Ana
kudhup siji kaprenah ing sangisore pang
sajodho kang kapisan kang metu saka
padamaran iku, ana siji ing sangisore pang
sajodho kang kapindho, ana siji ing sangisore
pang sajodho kang katelu; kaya mangkono
panggawene pang nem kang metu saka ing
adeg-adege padamaran. 22 Kudhup-kudhup
lan pang-pang mau padha kagawe iras-irasan
karo padamarane, kabeh kagawe saka

mas murni gemblengan. [23] Padamaran iku
digawekakake damar clupak pitung iji sasapite
lan tadhahe langes, iya mas murni kang
kagawe. [24] Mas murni satalenta kang dianggo
gawe padamaran iku dalah sapirantine kabeh.

Gawe misbyah padupan

37:25-28

[25] Bezaleel iya gawe misbyah padupan, kayu
sittah kang digawe, dawane saasta, ambane
iya saasta, dadi pesagi, nanging dhuwure
rong asta, sungu-sungune iras-irasan karo
misbyahe. [26] Iku diblongsong ing mas murni,
iya papane ing dhuwur, iya lambunge mubeng
lan sungu-sungune; kabeh dietrapi plisir mas
mubeng. [27] Karodene iya dipasangi gelangan
mas loro kaprenah sangisore plisir ana ing
iringan kiwa tengen ing sisih loro-lorone,
kanggo slobokan pikulane kang kagawe
ngusung misbyah iku. [28] Pikulane iku kang
kagawe kayu sittah lan kablongsong ing mas.

Gawe lenga jebad lan dupa wangi

37:29

[29] Karomaneh iya gawe lenga jebad kang suci,
lan dupa murni, kang kagawe bumbu-bumbu
kang wangi, kaya gaweane tukang nyampur
bumbu-bumbu.

Gawe misbyah kurban obaran

38:1-7

38 1 Bezaleel iya gawe misbyah kurban
obaran kayu sittah, dawane limang
asta, ambane iya limang asta, dadi pesagi,
nanging dhuwure telung asta. 2 Nuli
kagawekake sungu kang padha dipasang ana
ing pojokane papat iras-irasan karo misbyahe,
banjur diblongsong tembaga. 3 Karomaneh
iya gawe sakehe pirantine misbyah mau,
arupa: kuwali, sorok, bokor panyiraman,
porok apadene anglo; iku kabeh kang digawe
tembaga. 4 Misbyah mau iya digawekake
krawangan dhapur jala tembaga, kaetrapake
ing sangisore wengkune, wiwit saka ngisor
tekan ing saparone dhuwure. 5 Sarta iya
gawe gelangan cor-coran papat dipasang
ing pojoke papat krawangan tembaga mau,
kanggo slobokan pikulan. 6 Pikulan mau kang
digawe kayu sittah lan diblongsong tembaga.
7 Pikulane tumuli dislobokake ing gelangan
kang kaprenah ing lambunge misbyah, supaya
bisa kausung. Misbyah mau kang digawe
blabag, ing jerone growong.

Gawe padasan

38:8

8 Nuli yasa wadhah banyu lan uga tadhahane
kang digawe tembaga, pangilone para wong

wadon kang padha ngladeni pagawean ana ing
ngarepe lawang Tarub Pasewakan.

Yasa plataran

38:9-20

[9] Karomaneh Bezaleel iya gawe plataran ana
ing sisih kidul; gebere plataran mau lena alus
tenunan kang benange kaantih, dawane satus
asta; [10] cagake klambu rong puluh lan ompake
iya rong puluh padha tembaga, nanging
canthelane cagak lan sunduke selaka. [11] Ing
sisih lor iya satus asta; cagake geber rong
puluh lan ompake rong puluh padha tembaga,
canthelane cagak lan sunduke salaka. [12] Ing
sisih kulon: dawane geber seket asta, cagake
sapuluh, ompake sapuluh, canthelane lan
sunduke salaka. [13] Lan ing sisih wetan seket
asta, [14] yaiku geber kang ana ing sisihe gapura
dawane limalas asta, cagake telu ompake
telu; [15] lan ing sisih sijine gapura iku dadi
sisih-sisihan ana ing gapuraning plataran --
ana gebere limalas asta, cagake telu ompake
telu. [16] Sakehe geber ing saubenge plataran
iku padha lena alus tenunan kang benange
kaantih. [17] Ompake cagak-cagak iku tembaga,
nanging canthelane lan sunduke selaka,
ing dhuwure iya kablongsong ing salaka.
Sakehe cagak plataran iku padha kasambung
kalawan sunduk salaka. [18] Geber gapura
plataran iku tenunan alus manca-warna, kang
kagawe bakal wungu tuwa, wungu nom,
jingga lan bahane lena alus kang benange

kaantih: dawane rong puluh asta, nanging
dhuwure lan ambane nglimang asta, padha
karo klambuning plataran. [19] Cagak papat lan
ompake papat iku padha tembaga, nanging
canthelane salaka, ing dhuwure cagak uga
padha kablongsong salaka, mangkono uga
sunduke iya salaka. [20] Anadene sakehe pathok
kang kanggo ing Tarub Suci lan plataran iku
padha tembaga.

Wragad kanggo ngadegake Tarub Suci

38:21-31

[21] Iki pratelan bab wragad kanggo ngadegake
Tarub Suci, yaiku Tarub Suci kang isi
angger-anggere Gusti Allah digawe awit
saka prentahe Nabi Musa, dening para
bani Lewi kapimpim Itamar, putrane Rama
Harun. [22] Bezaleel bin Uri bin Hur saka Taler
Yehuda, iku kang nggarap sabarang kang
diprentahake dening Sang Yehuwah marang
Nabi Musa, [23] kabiyantu dening Aholiab bin
Ahisamakh, saka taler Dhan, wong kang
ahli ing gegawean, baud gawe tenunan
manca-warna nganggo lawe wungu tuwa,
wungu nom, jingga lan lena alus. [24] Kabeh
mas kang kanggo yasa pasucen, iku mas
pisungsung-mligi, gunggunge ana sangalikur
talenta punjul pitung atus telung puluh sekel
miturut timbangan pasucen. [25] Anadene salaka
pisungsunge wong kang kadaftarake saka ing
satengahe pasamuwan, iku gunggunge ana
satus talenta punjul sewu pitung atus pitung

puluh lima sekel, miturut timbangan pasucen:
26 saben wong siji sabeka, yaiku setengah
sekel, ditimbang miturut sekelan pasucen,
saka saben wong kang padha kedaftar, kang
umure rong puluh taun munggah, gunggunge
wong nem atus telung ewu limang atus seket.
27 Salaka mau kang satus talenta dicithak dadi
ompak-ompak pasucen lan ompak klambu.
Salaka satus talenta kanggo ompak satus iji,
dadi satalenta kanggo ompak siji. 28 Salaka
kang sewu pitung atus pitung puluh lima
sekel iku dianggo gawe canthelan-canthelan
cagak, kanggo blongsong cagak perangan
kang dhuwur, karomaneh cagak mau padha
kasambung kalawan sunduk. 29 Mungguh
tembaga pisungsung-mligi iku gunggunge ana
pitung puluh talenta punjul rong ewu patang
atus sekel. 30 Tembaga mau dianggo gawe
ompake lawang Tarub Pasewakan, misbyah
dalah krawangane lan sakehe pirantine
misbyah mau, 31 ompak-ompak ing saubenge
plataran, ompaking gapurane plataran iku,
sakehe pathok-pathoking Tarub Suci lan
sakehe pathok plataran ing saubenge.

Gawe sandhangan imam

39:1-31

39 1 Bakal wungu tuwa, bakal wungu nom
lan bakal jingga iku dianggo gawe
sandhangan dhines, kang kanggone samangsa
nindakake pangibadah ana ing pasucen; uga
gawe sandhangan suci kagem Rama Harun,

kaya kang didhawuhake dening Pangeran
Yehuwah marang Nabi Musa.
2 Kotange efod kang digawe mas, bakal
wungu tuwa, bakal wungu nom, bakal
jingga lan lena alus kang benange kaantih.
3 Mase mau digembleng nganti dadi blebekan
tipis, banjur dirajang-rajang dadi benang
mas, kanggo nyampuri lawe kang wungu
tuwa, lan wungu nom sarta lawe jingga
disulamake ing lena alus, gaweaning ahli.
4 Kotang efod iku dietrapi tutup-pundhak,
kang digandhengake karo efod iku, ana ing
pojoke loro-lorone. 5 Sabuke kotang efod iku
iras-irasan, panggawene padha karo kotang
efod, yaiku: mas, lawe wungu tuwa, lawe
wungu nom, lawe jingga lan lena alus kang
benange kaantih, kaya kang kadhawuhake
dening Sang Yehuwah marang Nabi Musa.
6 Wong-wong mau banjur padha nggarap
sesotya krisopras, kang kaembanan mas,
kaukir namane para putrane Rama Israel,
patrape kaya ngukir cap. 7 Banjur padha
dipasang ana ing tutup pundhake kotang efod
minangka sesotya pangeling-eling kanggo
wong Israel, kaya kang wus kadhawuhake
dening Sang Yehuwah marang Nabi Musa.
8 Sarta iya padha gawe tutup dhadha,
gaweaning ahli, patrape kaya gawe kotang
efod, kang digawe mas, lawe wungu tuwa,
lawe wungu nom, lawe jingga lan lena alus
kang benange kaantih. 9 Tutup dhadha mau
pesagi, sarta anggone gawe dirangkep loro,
dawane sakilan lan ambane iya sakilan.

[10] Tumuli dietrapi sesotya patang larik, larikan
sapisan: sesotya yaspis abang, krisolit lan
malakit; [11] larikan kapindho: sesotya mirah,
lazurit lan yaspis ijo; [12] larikan katelu:
sesotya ambar, akik lan kecubung; [13] larikan
kaping pat: sesotya pirus, krisopras lan
nefrit, kabeh padha kawengku ing mas,
dadi sesotya-sesotya iku padha didokoki
embanan. [14] Sesotya iku cocog karo namane
para putrane Rama Israel, cacahe rolas lan
saben sesotya diukiri salah sijine jenenge
suku saka suku rolas iku, patrape kaya ngukir
cap. [15] Karodene tutup dhadha iku iya dietrapi
rante mas murni adhapur klabangan. [16] Lan
padha gawe embanan mas loro lan gelangan
mas loro, gelangan mas rong iji mau padha
kapasang ing pojoke tutup dhadha. [17] Rante
mas untiran loro mau banjur padha diolehake
ing gelangan loro kang ana ing pojoke tutup
dhadha. [18] Pucuke rante untiran loro iku padha
diolehake ing embanan loro kang kasebut
mau, dietrapake ing tutupe pundhak kotang
efod ing sisih ngarep. [19] Sarta padha gawe
gelangan mas loro maneh padha dietrapake
ing pojoke loro tutup dhadha, kaprenah ana
ing pinggir jero, kang tumumpang ing kotang
efod. [20] Karodene iya padha gawe gelangan
mas loro dietrapake ing tutup pundhake
kotang efod loro-lorone, ana ing ngisor sisih
ngarep, mepet sambungane ing sadhuwure
sabuk kotang efod. [21] Tutup dhadha mau
gelangane nuli padha ditaleni oleh gelangane
kotang efod sarana tali wungu tuwa, dadi

tetep ana ing sadhuwuring sabuke kotang
efod, lan tutup dhadha iku ora bisa pisah karo
kotange efod, kaya kang wus didhawuhake
dening Pangeran Yehuwah marang Nabi Musa.
22 Jubahe efod iku yasane tukang tenun, kang
kagawe bakal wungu tuwa kabeh. 23 Gulone
jubah iku ing tengahe memper gulon klambi
wesi, gulon iku kaplipit mubeng, supaya
aja nganti suwek. 24 Jubah mau pinggire
ngisor dipasangi rerekan delima kang kagawe
bakal wungu tuwa, bakal wungu nom lan
bakal jingga kang benange kaantih. 25 Sarta
maneh padha gawe klinthingan mas murni;
klinthingan mau dipasang selang-seling
karo delimane ana ing pinggire jubah kang
ngisor mubeng, 26 dadi saben klinthingan siji,
delimane siji selang-seling ing pinggire jubah
mubeng, kanggone samangsa nindakake
pangibadah, kaya kang wus kadhawuhake
dening Sang Yehuwah marang Nabi Musa.
27 Rama Harun lan para putrane iya
digawekake kemejan lena alus gaweane
tukang tenun, 28 serbane lena alus, iket kang
endah iya lena alus, lancingan lena alus kang
benange kaantih, 29 sarta paningsete lena alus
kang benange kaantih, bakal wungu tuwa,
bakal wungu nom lan bakal jingga, tenunane
manca-warna, kaya kang wus kadhawuhake
dening Pangeran Yehuwah marang Nabi Musa.
30 Lan uga padha gawe blebekan, kanggo
jamang suci mas murni lan ing jamang
mau ana tulisane kang kaukir kaya gawe
cap, unine: Suci kagem Sang YEHUWAH.

31 Blebekan mau kawenehan tali wungu
kanggo nalekake blebekan iku ing serban ana
ing sisih dhuwur, kaya kang wus kadhawuhake
dening Pangeran Yehuwah marang Nabi Musa.

Pagawean katampi dening Nabi Musa lan kagalih wus becik

39:32-43

32 Kaya mangkono anggone ngrampungake
sakehe pagawean kang lumadi marang Tarub
Suci, yaiku Tarub Pasewakan. Wong Israel
anggone padha nggarap iku ngetrepi kang
kadhawuhake Sang Yehuwah marang Nabi
Musa, kaya mangkono anggone nggarap
sakabehe. 33 Tarub Suci mau banjur diaturake
marang ing ngarsane Nabi Musa, iya tarub
dalah saprabote kabeh; canthelane, blabage,
kendhite, cagake lan ompake, 34 payone lulang
wedhus gembel lanang kang dipulas abang,
payon lulang dhuyung, tendha tutup, 35 pethi
angger-anggere Gusti Allah dalah pikulane
lan tutup pangruwatan, 36 meja sapirantine
kabeh dalah rotine sesaosan, 37 padamaran
mas murni, damar-damare, damar kang kudu
dipasang ing ndhuwure lan sapirantine kabeh,
lenga kang kagawe madhangi, 38 misbyah
mas, lenga jebad, dupa wangi, tuwin wrana
lawanging tarub, 39 misbyah kurban obaran
tembaga dalah krawangane tembaga,
pikulane lan sapirantine kabeh, wadhah
banyu satadhahane, 40 klambu plataran,
cagak saompake, geber kanggo gapuraning

plataran, tali dalah pathoke, sakehe piranti
kang kanggo ngadegake Tarub Suci, yaiku
Tarub Pasewakan, 41 sandhangan dhines kang
dianggo samangsa nindakake pangibadah ana
ing pasucen; sandhangan suci pangagemane
Imam Harun, lan sandhangane para putrane
kanggo ngimami. 42 Wong Israel anggone
padha nggarap iku mau kabeh ngetrepi kang
kadhawuhake dening Pangeran Yehuwah
marang Nabi Musa. 43 Nabi Musa tumuli
mriksani sakehe gegawean iku, pranyata
anggone padha nggarap iku cocog karo kang
kadhawuhake dening Sang Yehuwah, kaya
mangkono anggone padha tumindak ing gawe.
Wong-wong mau tumuli padha diberkahi
dening Nabi Musa.

Nabi Musa ngadegake Tarub Suci

40:1-38

40 1 Pangeran Yehuwah banjur ngandika
marang Nabi Musa, mangkene: 2 "Ing
sasi kapisan tanggal sapisan sira ngadegna
Tarub Suci, yaiku Tarub Pasewakan. 3 Pethine
angger-angger banjur sira prenahna ana
ing kono, sarta sira aling-alingana geber.
4 Sawuse mangkono mejane sira lebokna
lan sira tatanana pirantine miturut prenahe.
Padamarane sira lebokna sarta damar-damare
sira pasangana. 5 Misbyahe padupan mas
sira prenahna ana ing ngarepe pethi angger-
angger, nuli sira pasangana wrananing Tarub
Suci. 6 Misbyahe kurban obaran sira prenahna

ana ing sangarepe lawang Tarub Suci yaiku
Tarub Pasewakan. 7 Wadhahe banyu sira
prenahna ana ing antarane Tarub Pasewakan
lan misbyah iku, banjur sira isenana banyu.
8 Sawuse mangkono sira gawea platarane
mubeng, lan wranane kapasanga ana ing
gapurane plataran. 9 Nuli sira njupuka lenga
jebad, Tarub Suci dalah saisine padha sira
jebadana; mangkono anggonira nucekake
iku dalah sapirantine, satemah padha dadia
sengkeran. 10 Misbyah kurban obaran iku
iya sira jebadana dalah sapirantine kabeh,
mangkono anggonira nucekake misbyah iku,
temah iku dadi sengkeran kang pinunjul.
11 Padasan dalah saompake iku sira jebadana,
lan mangkono anggonira nucekake iku.
12 Harun lan para anak-anake sira ajokna
menyang ing lawanging Tarub Pasewakan,
padha sira sucekna klawan banyu. 13 Harun
tumuli sira anggonana sandhangan suci,
nuli sira jebadana lan sira sucekna supaya
banjur nglakonana pagaweaning imam lumadi
marang Ingsun. 14 Mangkono uga anak-anake
padha sira ajokna lan sira anggonana
kemejan, 15 nuli sira jebadana, kaya anggonira
njebadi bapakne, supaya padha nindakna
pagaweaning imam lumadi marang Ingsun;
lan anggone iki katindakake iku, supaya marga
saka jinebadan mau katetepna kaimamane ing
salawase turun-tumurun.” 16 Nabi Musa banjur
nglampahi kabeh kang wus kadhawuhake
dening Pangeran Yehuwah.

[17] Bareng ing taun kang kapindho sasi
kapisan, tanggal sapisan, Tarub Suci kelakon
kaadegake. [18] Nabi Musa ngadegake Tarub Suci
iku, ompak-ompake kapasang, blabag-blabage
kaetrapake, kendhit-kendhite kapasang sarta
cagak-cagake kaadegake. [19] Tendhaning payon
banjur digelar nutupi Tarub Suci, lan banjur
ditumpangi singeb payon kaya kang wus dadi
dhawuhe Pangeran Yehuwah marang Nabi
Musa.
[20] Papan angger-anggering Allah banjur
dipundhut lan kaselehake ana ing jero pethi,
pethine banjur dietrapi pikulan lan ditumpangi
tutup pangruwatan. [21] Pethine tumuli diusung
menyang ing Tarub Suci, sarta klambune
panutup dipasang kagawe ngaling-alingi
pethine angger-angger, kaya kang wus
kadhawuhake dening Pangeran Yehuwah
marang Nabi Musa.
[22] Mejane banjur kadokok ana ing jero Tarub
Pasewakan, kaprenahake ing jero Tarub
Suci sisih lor ing sajabane klambu, [23] sarta
ditumpangi roti sesaosan katata ana ing
ngarsane Pangeran Yehuwah, kaya kang wus
kadhawuhake dening Sang Yehuwah marang
Nabi Musa.
[24] Padamarane iya tumuli diprenahake ana
ing jero Tarub Pasewakan adhep-adhepan
karo meja mau, ana ing Tarub Suci sisih
kidul, [25] karodene damare padha dipasang
ing padamaran kono ana ing ngarsane Sang
Yehuwah, kaya kang wus kadhawuhake dening
Pangeran Yehuwah marang Nabi Musa.

26 Misbyah mas dipapanake ana ing jero
Tarub Pasewakan ing sangarepe geber. 27 Ing
misbyah iku tumuli diobongi dupa wangi kaya
kang wus kadhawuhake dening Sang Yehuwah
marang Nabi Musa.
28 Sawuse mangkono lawangane Tarub
Suci banjur kaparingan geber. 29 Misbyah
kurban obaran diprenahake ana ing sangarepe
lawang Tarub Suci, yaiku Tarub Pasewakan,
nuli nyaosake kurban obaran lan kurban
dhaharan ana ing misbyah kono, kaya kang
wus kadhawuhake dening Pangeran Yehuwah
marang Nabi Musa.
30 Wadhahe banyu banjur kadokok ana ing
saantarane Tarub Pasewakan lan misbyah,
sarta banjur diiseni banyu kanggo sesuci.
31 Nabi Musa, Rama Harun lan para putrane
padha wijik asta lan sampeyan klawan banyu
iku. 32 Saben-saben arep lumebet ing Tarub
Pasewakan lan samangsa nyelaki misbyah,
padha wijik asta lan sampeyan kaya kang wus
kadhawuhake dening Sang Yehuwah marang
Nabi Musa.
33 Cagak-cagake plataran nuli kaadegake ing
saubenge Tarub Suci lan misbyah, sarta gapura
plataran iku banjur kapasangan klambu.
Mangkono Nabi Musa anggone ngrampungake
pagawean iku.
34 Sawuse mangkono megane nglimputi Tarub
Pasewakan, sarta Tarub Suci banjur kinebekan
ing kamulyaning Yehuwah, 35 temah Nabi Musa
ora bisa lumebu ing Tarub Pasewakan, marga
iku kalimputan ing mega, lan kamulyaning

Yehuwah ngebeki Tarub Suci. 36 Anadene
samangsa mega mau mumbul saka ing Tarub
Suci, wong Israel banjur budhal saka ing
palerebane, 37 nanging manawa mega iku
ora mumbul, iya padha ora budhal nganti
samumbule megane. 38 Awitdene meganing
Sang Yehuwah iku ing wayah awan ana ing
sadhuwure Tarub Suci, dene ing wayah bengi
ana genine, katon marang wong Israel kabeh
ana ing saben panggonan kang dilerebi.

KAIMAMAN

Pranatan bab kurban obaran

1:1-17

1 1 Pangeran Yehuwah nimbali Nabi Musa
sarta ngandika marang panjenengane
saka ing Tarub Pasewakan, dhawuhe: 2 “Sira
ndhawuhana wong Israel lan sira tutura:
manawa ana wong panunggalanmu kang arep
nyaosake kurban marang Pangeran Yehuwah,
kurbanira iku kudu raja-kaya, yaiku sapi utawa
wedhus.
3 Manawa sesaosane iku kurban obaran
arupa sapi, kudu lanang kang tanpa cacad.
Anggone nyaosake iku ana ing ngarep
lawang Tarub Pasewakan, supaya ndadekna
keparenging panggalihe Pangeran Yehuwah.
4 Nuli tangane ditumpangna ana ing endhase
kurban obaran mau, temah kurbane mau
katrimah lan ngolehake pangruwating dosane.
5 Sawuse mangkono banjur nyembeleha
sapine ana ing ngarsaning Yehuwah; para
anake Harun, imam-imam mau nyaosna
getihe sapi mau lan disiramna ing sakubenge
misbyah ana ing ngarepe lawangane Tarub
Pasewakan. 6 Nuli kurbane mau dikeleti lan
ditengkel-tengkel miturut perangan-perangan
kang wus katemtokake. 7 Para anake Imam
Harun banjur dadekna geni ana ing misbyah

sarta nataa kayu tumumpang ing geni mau,
8 sarta banjur nataa tengkel-tengkelane
kurbane iku, endhase lan gajihe katumpangna
ing kayu kang murub ana ing misbyah mau.
9 Nanging jeroane lan pupune kudu dikumbah,
banjur diobonga kabeh dening imam ana ing
misbyah minangka kurban obaran, minangka
kurban genenan kang gandane damel renane
Pangeran Yehuwah.
10 Manawa sesaosane kanggo kurban obaran
mau arupa wedhus, wedhus gembel apa
wedhus berok, kang disaosake iku kudu
lanang kang tanpa cacad. 11 Panyembelehe
ana ing iringane misbyah sisih lor ana ing
ngarsaning Sang Yehuwah, para imam anake
Harun, banjur nyiramna getihe ana ing
sakubenge misbyah. 12 Sawuse mangkono
banjur ditengkel-tengkela miturut perang-
perangane kaya kang wus katemtokake,
tengkel-tengkelane, endhase lan gajihe
ditataa dening imam ana ing kayu kang murub
ana ing misbyah mau. 13 Jeroan lan pupune
kudu dikumbah, banjur kabeh disaosna lan
diobonga dening imam ana ing misbyah: iku
kurban obaran, kurban genenan kang gandane
damel renane panggalihe Sang Yehuwah.
14 Manawa kurban kang disaosake marang
Pangeran Yehuwah minangka kurban obaran
iku arupa manuk, kurbane iku kudu manuk
deruk utawa piyik dara. 15 Manuke mau
diajokna menyang misbyah dening imam,
endhase manuk banjur dipuntir lan diobonga
ana ing misbyah, dene getihe diepuha ana

ing lambunge misbyah. 16 Telihe sarta wulune
kudu disisihake lan dibuwang sawetane
misbyah, ing panggonan awu. 17 Nuli manuke
disuweka ing poking swiwine, nanging ora
nganti pisah; banjur diobonga dening imam
ana ing misbyah, ing kayu kang murub; iku
dadi kurban obaran, iya kurban genenan, kang
gandane damel renane Pangeran Yehuwah."

Bab kurban dhaharan

2:1-16

2 1 "Manawa ana wong kang arep nyaosake
kurban arupa kurban dhaharan marang
Pangeran Yehuwah, kurbane iku kudu rupa
glepung pilihan nganggo diesoki lenga sarta
ditumpangi menyan, 2 kurban mau banjur
digawaa menyang ngarepane para imam anake
Harun. Iku nuli njupuka glepung sagegem
karo lengane lan menyane kabeh, banjur
diobonga dening imam mau ana ing misbyah,
minangka pisungsung pangenget-enget,
dadi kurban genenan, kang gandane damel
renane Pangeran Yehuwah, 3 turahane kurban
dhaharan iku dadia pandumane Harun lan
para anake, dadi sengkeran suci pinunjul saka
kurban genenan, sumaos marang Pangeran
Yehuwah.

4 Manawa kurban kang arep sira saosake
iku kurban dhaharan kang kaolah ana ing
panggangan roti, iku kang digawe kudu
glepung pilihan, arupa roti bunder tanpa ragi
kang diolah diwori lenga, utawa roti tipis

tanpa ragi, kang dioser-oseri lenga. 5 Manawa
sesaosanira arupa kurban dhaharan kang
dipanggang ing panggangan, iku kang digawe
kudu glepung kang becik dhewe diwori lenga,
tanpa ragi, 6 banjur diiris-iris lan sira esokana
lenga; iku dadi kurban dhaharan. 7 Menawa
sesaosanira arupa kurban dhaharan kang
diolah ing wajan, iku kudu glepung pilihan
diwori lenga. 8 Kurban dhaharan kang patrap
pangolahe kaya mangkono mau, iku sira
saosna marang Pangeran Yehuwah, diladekna
marang imam, iku kang ngajokake menyang
ing misbyah. 9 Kurban dhaharan iku banjur
kajupuka sawatara dening imam minangka
pisungsung pangenget-enget, kaobonga ana
ing misbyah, dadi kurban genenan, kang
gandane damel renane Pangeran Yehuwah.
10 Turahane kurban dhaharan iku dadia
pandumane Harun lan para anake, dadi
sengkeran suci pinunjul saka kurban genenan
sumaos marang Pangeran Yehuwah.

11 Sarupane kurban dhaharan kang sira
saosake marang Pangeran Yehuwah iku
pangolahe aja nganggo ragi, awitdene kang
mawa ragi utawa madu iku ora kena sira
obong dadi kurban genenan marang Pangeran
Yehuwah. 12 Sira kepareng ngunjukake
marang Pangeran Yehuwah saka wiwitaning
undhuh-undhuhan minangka sesaosan, mung
bae aja diladekake ana ing misbyah minangka
ganda kang damel renane. 13 Sarupane
sesaosanira kurban dhaharan iku sira
bumbonana uyah; kurbanira dhaharan aja

nganti sepi uyahing prasetyane Gusti Allahira;
sadhengah kurbanira iku sira kanthenana
sesaosan uyah.
[14] Anadene manawa wiwitaning pametune
bumi kang arep kasaosake dadi kurban
dhaharan marang Pangeran Yehuwah, iku
kudu arupa wulen gandum, kapanggang
ing geni, iya iku emping gandum anyar,
minangka kurban dhaharan saka wiwitaning
panen gandumira. [15] Iku sira kanthenana
lenga lan sira tumpangana menyan, iku dadi
kurban dhaharan. [16] Nuli kang arupa emping
gandum lan lengane sarta menyane iku salong
diobonga dening imam minangka pisungsung
pangenget-enget, dadi kurban genenan
marang Pangeran Yehuwah."

Bab kurban slametan

3:1-17

3 [1] "Manawa sesaosane arupa kurban
slametan, mangka kang kasaosake iku
arupa sapi, dadia lanang utawa wadon, iku
kudu kang tanpa cacad kang disaosake ana
ing ngarsane Pangeran Yehuwah. [2] Wonge
banjur numpangna tangane ing endhasing
kurbane, sapi iku nuli disembeleha ana ing
sangarepe lawanging Tarub Pasewakan, sarta
getihe disiramna ing sakubenge misbyah
dening para imam anake Harun. [3] Sawuse
mangkono kurbane slametan iku salong
dijupuka dadi kurban kang kasaosake marang
Sang Yehuwah sarana digeneni, yaiku gajihe

kang nasabi jeroan lan sakehe gajih kang
tumempel ing jeroan, [4] karomaneh ginjele
loro pisan sagajihe, kang ana ing lempeng
lan ing gembelaning atine, dijupuka bareng
karo ginjele mau. [5] Iku banjur diobonga
ana ing misbyah dening para anake Harun,
katumpangna ing kurban obaran kang lagi
kaobong ing geni; iku dadi kurban genenan,
kang gandane damel renaning Yehuwah.

[6] Manawa kang kanggo kurban slametan
konjuk marang Pangeran Yehuwah iku arupa
wedhus, dadia lanang utawa wadon, iku kudu
kang tanpa cacad. [7] Saupama wedhus gembel
kang disaosake dadi kurban, iku diladekna
marang ing ngarsane Pangeran Yehuwah.
[8] Wonge numpangna tangane ing endhase
kurban, wedhus iku banjur disembeleha ana
ing ngarepa Tarub Pasewakan, sarta getihe
banjur disiramna ing sakubenge misbyah
dening para anake Harun. [9] Sawuse mangkono
kurbane slametan iku salong kajupuka
diladekna dadi kurban genenan marang
Pangeran Yehuwah, iya iku gajihe lan buntute
kabeh, kapotonga mepet ing ula-ulane, lan
gajih kang nutupi jeroan apamaneh sakehe
gajih kang tumempel ing jeroan, [10] karomaneh
ginjele loro pisan sagajihe kang kraket ing
kono, apadene gembelaning ati, dijupuka
bareng karo ginjele mau. [11] Iku banjur
diobonga dening imam ana ing misbyah
minangka dhaharan awujud kurban genenan
kasaosake marang Pangeran Yehuwah.

[12] Dene manawa kurbane arupa wedhus
berok, iku diladekna marang ing ngarsane
Pangeran Yehuwah. [13] Wonge numpangna
tangane ana ing endhase wedhus, nuli
wedhuse disembeleha ana ing ngarepe
Tarub Pasewakan, sarta getihe disiramna
ing sakubenge misbyah dening para anake
Harun. [14] Banjur salong disaosna dadi kurban
genenan marang Pangeran Yehuwah, yaiku
gajih kang nasabi jeroan, lan sakehe gajih
kang tumempel ing jeroan, [15] sarta ginjele loro
pisan sagajihe, kang kraket ing kono, kang
ana ing lempeng apadene gembelaning atine,
dijupuka bareng karo ginjele mau. [16] Iku nuli
diobonga kabeh dening imam ana ing misbyah
minangka dhaharan awujud kurban genenan,
kang gandane ngremenake. Sakehe gajih iku
dadi kagungane Pangeran Yehuwah.
[17] Iki pranatan kang kanggo ing salawase
tumrap sira turun-tumurun ana ing ngendi-
endia dunungira: poma sira aja pisan-pisan
mangan gajih lan getih."

Bab kurban pangruwating dosa

4:1--5:13

4 [1] Pangeran Yehuwah ngandika maneh
marang Nabi Musa mangkene: [2] "Sira
ndhawuhana marang wong Israel: Manawa ana
wong kang nerak wewalere Pangeran Yehuwah
ora klawan dijarag, dadi pancen nglakoni salah
sawijining larangan mau, [3] lan saupama kang
gawe dosa mau imam kang kajebadan, temah

bangsane katut kaluputan, iku nyaosna sapi
lanang nom siji kang tanpa cacad, minangka
kurban pangruwating dosa konjuk marang
Pangeran Yehuwah. 4 Sapi mau diladekna
marang ing ngarsane Pangeran Yehuwah ana
ing ngareping lawange Tarub Pasewakan,
tangane katumpangna ing endhase sapi, lan
sapine banjur kasembeleha ana ing ngarsane
Sang Yehuwah, 5 imam kang jinebadan iku
nuli njupuka getihe sapi mau sawetara digawa
mlebu menyang ing Tarub Pasewakan, 6 sarta
imam mau banjur nyelupna drijine ing getih
iku, sarta diepyurna rambah ping pitu ana ing
ngarsane Pangeran Yehuwah ing sangarepe
geber pasucen. 7 Sawuse mangkono getih
mau salong dileletna ing sungune misbyah
padupan racikan bumbu-bumbu, kang ana
ing ngarsane Sang Yehuwah ing jero Tarub
Pasewakan. 8 Dene sakehe gajihe sapi lanang
kurban pangruwating dosa iku dijupuka gajihe
kang nasabi jeroan lan sakehe gajih kang
tumempel ing jeroan, 9 sarta ginjele loro
pisan sagajihe kang kraket ing kono, yaiku
kang ana ing lempeng, apadene gembelaning
atine, dijupuka bareng karo ginjele mau,
10 padha kaya anggone njupuk saka sapi
kurban slametan, banjur diobonga dening
imam ana ing misbyah kurban obaran.
11 Anadene lulange lan sakehe daginge sapi
lanang mau, endhase lan pupune, jeroane
lan tlethonge, 12 dadi sapi lanang mau kabeh
digawaa metu menyang sajabane palereban,
ing panggonan kang ora ana najise, iya ing

papan pambuwangan awu, banjur diobonga
nganti entek ana ing geni kayu ing papan
pambuwangan awu.
13 Manawa kang gawe dosa ora kanthi
kajarag iku sagolongane umat Israel kabeh,
mangka pasamuwan ora rumangsa padha
nglakoni salah sawijining bab kang dadi
wewalere Pangeran Yehuwah, satemah padha
dadi kaluputan, 14 samangsa dosa kang
dilakoni iku kaweruhan, nuli pasamuwan
nyaosna sapi lanang nom siji minangka kurban
pangruwating dosa. Sapi mau diladekna
menyang ing ngarepe Tarub Pasewakan.
15 Para pinituwane pasamuwan nuli padha
numpangna tangane ana ing endhase sapi
mau ana ngarsane Sang Yehuwah, sarta sapine
disembeleha ana ing ngarsane Pangeran
Yehuwah. 16 Imam kang kajebadan tumuli
nggawaa getihe sapi mau sawatara menyang
ing Tarub Pasewakan, 17 sarta nyelubna drijine
ing getih iku lan dipyurna rambah ping pitu
ana ing ngarsane Pangeran Yehuwah, ing
sangarepe geber. 18 Karodene getih mau
salong dileletna ing sunguning misbyah kang
ana ing ngarsane Sang Yehuwah ing jero Tarub
Pasewakan, lan getih kekarene kasuntaka
kabeh ing perangane ngisor misbyah kurban
obaran, kang ana ing sangarepe lawang Tarub
Pasewakan. 19 Dene gajihe sapi iku kabeh
dijupuka lan diobonga ana ing misbyah.
20 Sapine lanang mau digawea padha karo
sapi lanang kang kanggo kurban pangruwating
dosa, kaya mangkono panggarape sapi mau.

Kanthi patrap mangkono imam anggone
nganakake pirukun kanggo wong akeh mau,
temah bakal padha kaparingan pangapura.
21 Anadene sapi lanang iku digawaa menyang
ing sajabane palereban lan diobonga nganti
entek padha kaya anggone ngobong sapi
lanang kang dhisik. Iku kurban pangruwating
dosa kanggo pasamuwan.
22 Manawa kang gawe dosa iku sawijining
panggedhe kang kalawan ora kajarag
nerak salah sawijining wewalering Pangeran
Yehuwah, Gusti Allahe, temah dadi
kaluputan, 23 manawa dosa kang dilakoni iku
disumurupake marang wong mau, dheweke
tumuli nggawaa wedhus berok siji lanang
kang tanpa cacad kanggo kurbane. 24 Tangane
nuli ditumpangna ing endhase wedhus iku,
wedhuse nuli kasembeleha ana ing papan kang
lumrahe kanggo nyembeleh kurban obaran ana
ing ngarsaning Sang Yehuwah, iku dadi kurban
pangruwating dosa. 25 Imam banjur njupuka
getihe kurban pangruwating dosa iku sathithik
nganggo driji, kaleletna ing sungu-sungune
misbyah kurban obaran. 26 Nanging gajihe
kabeh kudu diobong ana ing misbyah, padha
kaya gajihe kurban slametan. Mangkono imam
anggone nganakake pirukun, temah wong
mau banjur kaparingan pangapura.
27 Manawa kang gawe dosa kang ora kajarag
mau wong saka rakyat lumrah, nerak salah
sawijining wewalere Pangeran Yehuwah,
temah iku nandhang kaluputan, 28 manawa
dosa kang dilakoni mau wus disumurupake,

banjur nggawaa wedhus wadon kang tanpa
cacad kanggo kurbane, marga saka dosa
kang wus ditindakake mau, [29] tangane
banjur katumpangna ing endhase kurban
pangruwating dosa mau, nuli wedhuse
disembeleha ana ing papan kurban obaran.
[30] Imam tumuli ndulita getihe sathithik
dileletna ing sungu-sungune misbyah kurban
obaran, getih turahane banjur diesokna
kabeh ana ing sikile misbyah kurban obaran.
[31] Nanging gajihe kabeh dijupuka padha kaya
njupuk gajihe kurban slametan, nuli diobonga
dening imam ana ing misbyah, minangka
ganda kang damel renaning Pangeran
Yehuwah. Kaya mangkono imam anggone
nganakake pirukun kanggo wong mau, temah
banjur kaparingan pangapura.

[32] Nanging saupama kang digawa minangka
sesaosan kanggo kurban pangruwating dosa
iku wedhus gembel, iku kudu wadon lan
tanpa cacad, [33] tangane ditumpangna ana ing
endhasing kurban pangruwating dosa iku,
wedhuse banjur disembeleha dadi kurban
pangruwating dosa ana ing panggonan kang
kanggo nyembeleh kurban obaran. [34] Imam
nuli ndulita getihe kurban pangruwating dosa
mau sathithik, kaleletna ing sungu-sungune
misbyah kurban obaran, lan getih turahane
kaesokna ana ing sikile misbyah. [35] Nanging
gajihe kabeh didhewekna, padha kaya
gajihe wedhus gembel kurban slametan,
nuli diobanga dening imam ana ing misbyah
patrap kaya kurban sesaosan kang digeneni

kagungane Sang Yehuwah. Mangkono imam
anggone nganakake pirukun kanggo wong
mau tumrap dosa kang wus dilakoni; temah
bakal kaparingan pangapura.
5 [1] Manawa ana wong gawe dosa, marga
krungu wong ngipat-ipati, mangka awake
dadi saksi, marga nyipati utawa ngerti,
nanging ora gelem nglairake katrangan, iku
kudu nanggung ing kaluputane dhewe. [2] Utawa
saupama ana wong kang nggepok sadhengah
kang najis, dadia bathanging sato alasan
kang najis, utawa bathange kewan kang najis,
apadene bathanging kewan rumangkang
nlosor utawa gumremet kang najis, sanadyan
ora rumangsa, iku iya najis lan kaluputan.
[3] Utawa manawa ana wong kang nggepok
sesukering manungsa, iya sadhengaha
sesuker kang ndadekake najis, mangka ora
rumangsa, nanging wasana banjur rumangsa,
iku dadine kaluputan. [4] Utawa manawa ana
wong nglairake supata tanpa dipikir anggone
ngetokake tembung, dadia bab gawe ala utawa
gawe becik, sumpah apa bae kang dilairaike
tanpa dipikir iku, tanpa ngrumangsani,
nanging wasana banjur rumangsa, iku dadine
kaluputan ing salah sawijining bab mau. [5] Dadi
manawa kelakon wong mau nganti kaluputan
bab salah sawijining prakara, nuli ngakonana
apa kang dadi dosane, [6] banjur nyaosna
pisungsung marang Pangeran Yehuwah
minangka tebusaning dosane mau, arupa
wedhus gibas wadon utawa wedhus berok
wadon, kanggo kurban pangruwating dosa.

kaya mangkono imam anggone ngolehake
pirukun marang wong iku, marga saka dosane.
7 Nanging manawa wong mau ora bisa
ngaturake wedhus berok utawa wedhus gibas,
kanggo panebusing dosa kang wus dilakoni,
iku nyaosna marang Sang Yehuwah arupa
manuk deruk loro utawa piyik dara loro, siji
kanggo kurban pangruwating dosa, siji kanggo
kurban obaran. 8 Manuk mau ditampakna
marang imam, dene iku nyaosna dhisik kang
kanggo kurban pangruwating dosa, dibethota
endhase sandhing cengel, nanging aja nganti
pedhot. 9 Getihe kurban pangruwating dosa iku
salong dikepyurna ing lambunge misbyah, lan
getih kekarene diepuha ana ing sikile misbyah,
iku dadi kurban pangruwating dosa. 10 Manuk
sijine iku kaolaha, kadadekna kurban obaran
miturut pranatan. Kaya mangkono imam
anggone ngolehake pirukun kanggo wong iku
marga saka dosane kang wus dilakoni, temah
bakal oleh pangapura.
11 Nanging saupama wong mau ora bisa
ngaturake manuk deruk loro utawa piyik
dara loro, kang disaosake minangka kurban
marga saka anggone dosa iku arupa glepung
kang becik dhewe saprasepuluh efa kanggo
kurban pangruwating dosa. Ora kena diesoki
lenga lan aja ditumpangi menyan, awit iku
kurban pangruwating dosa. 12 Kurbane tumuli
ditampakna marang imam lan imam iku
njupuka glepung mau sagegem minangka
pisungsung pangenget-enget, nuli diobonga
ing misbyah ing sadhuwure kurban genenan

kagungane Sang Yehuwah; iku kurban
pangruwating dosa. 13 Kaya mangkono imam
anggone ngolehake pirukun kanggo wong
iku marga saka dosane ing bab salah sijine
prakara; temah bakal kaapura. Saluwihe
kurban iku dadia pandumane imam, padha
kaya kurban dhaharan."

Bab kurban dhendha

5:14--6:7

14 Pangeran Yehuwah ngandika marang
Nabi Musa mangkene: 15 "Manawa ana
wong kang ora setya lan kang ora kalawan
kajarag nglakoni dosa ing bab sawijining
prakara kang suci kang sumaos marang
Pangeran Yehuwah, iku nyaosna marang
Sang Yehuwah kang minangka dhendhane
arupa wedhus gibas lanang kang tanpa cacad
saka ing panthane, kanggo kurban dhendha,
diajeni manut sekel salaka, yaiku miturut
sekel suci. 16 Prakara kang suci kang njalari
dosane iku, kudu dilironi nganggo dipunjuli
sapralimane, ditampakna marang imam.
Dene imam ngolehna pirukun kanggo wong
iku sarana wedhus kurban dhendha mau,
temah bakal kaapura. 17 Manawa ana wong
kang gawe dosa nerak salah sawijining bab
kang dadi awisaning Pangeran Yehuwah,
sanajan tanpa dirumangsani, iku dadine
iya nglakoni kaluputan, lan kudu nanggung
kaluputane dhewe. 18 Wong iku nggawaa
wedhus gibas lanang siji kang tanpa cacad

saka ing pepanthane kang wis ditetepake
pangajine, diladekna marang imam. Dene
imam ngolehna pirukun kanggo wong iku
marga saka panggawene kang wus dilakoni
kalawan ora kajarag lan ora kasumurupan
mau, temah bakal kaapura. [19] Iku dadi kurban
dhendha, awit wong iku pancen kaluputan
marang Pangeran Yehuwah."

6 [1] Pangeran Yehuwah ngandika marang Nabi
Musa: [2] "Saupama ana wong kang gawe
dosa lan ora setya marang Sang Yehuwah,
sarta selak marang pepadhane bab barang
titipane, utawa barang cekelan, ngrampas
barang utawa ngebeki baranging liyan kanthi
sawenang-wenang, [3] utawa manawa nemu
barang kang ilang, mangka selak lan supata
goroh bab prakara apa bae kang dilakoni,
temah dadi nandhang dosa, [4] manawa marga
saka kang mangkono iku dadi gawe dosa lan
kaluputan, wong iku nuli mbalekna barange
kang wus karampas utawa kang wus diebeki
utawa kang katitipake, apadene barang
anggone nemu mau, [5] utawa sadhengah apa
kang wus diselaki klawan supata goroh, iku
mbalekna sageneping pangajine dipunjuli
spralimane, diwenehna marang kang duwe,
ing dinane anggone nyaosake kurban dhendha,
[6] minangka kurban panebusing kaluputane
nyaosna marang Pangeran Yehuwah arupa
wedhus gibas lanang kang tanpa cacad
saka ing pepanthane, kang wus dimurwat
pangajine, diladekna marang imam kanggo
kurban dhendha. [7] Imam banjur ngolehna

pirukun wong mau ana ing ngarsane Sang Yehuwah, temah bakal oleh pangapura tumrap sadhengah prakara kang wus dilakoni kang njalari kaluputane.”

Bab kurban obaran

6:8-13

8 Pangeran Yehuwah ngandika marang Nabi
Musa mangkene: 9 “Harun lan anak-anake
iku sira dhawuhana mangkene: Iki pranatan
bab kurban obaran. Kurban obaran iku kudu
tansah tumumpang ing geni ing misbyah
sawengi muput nganti tekan esuk, genine
kajagaa supaya tansah murub. 10 Imam banjur
manganggoa klambine lena, lan sruwale lena
kanggo nutupi kawirangane. Sawuse kurban
obaran iku kobong kabeh, nuli ngukupa
awu kang ana ing misbyah, kabuwanga
ana ing sandhing misbyah. 11 Sawuse
mangkono banjur cucula sandhangane lan
salina sandhangan liyane, awune mau nuli
digawaa menyang ing sajabane pakuwon
ing panggonan kang ora ana najise. 12 Geni
ing misbyah dijagaa supaya terus murub,
aja nganti mati. Saben esuk imam kudu
nyugokake kayu ing genine misbyah, lan
nata kurban obaran ing kayu mau, apadene
ngobong sakehe gajihe kurban slametan ana
ing kono. 13 Genine kudu tansah dijaga supaya
tetep murub ana ing misbyah, aja nganti
mati.”

Bab kurban dhaharan

6:14-23

14 “Iku pranatan bab kurban dhaharan.
Anak-anake Harun nyaosna iku marang ing
ngarsane Pangeran Yehuwah ing sangarepe
misbyah, 15 nuli anaa siji kang njupuk
kurban dhaharan sagegem karo lengane, lan
sakehe menyan kang tumumpang ing kurban
dhaharan, iku kabeh banjur diobonga ana
ing misbyah, satemah gandane ngremenake
minangka pangenget-enget ana ing ngarsane
Sang Yehuwah. 16 Turahane mau kudu
dipangan dening Harun lan anak-anake: iku
kaolaha dadi roti tanpa ragi lan kapangana
ana ing panggonan kang suci, ing platarane
Tarub Pasewakan. 17 Anggone ngolah aja
nganggo ragi. Iku panduman peparingingSun
saka kagunganingSun kurban sesaosan
genenan, iku panduman suci pinunjul, padha
kaya kurban pangruwating dosa lan kurban
dhendha. 18 Anake lanang Harun iku padha
mangana, iku dadia pepancen tumrap sira
kabeh kanggo ing salawase turun-tumurun
saka kurban sesaosan genenan kagungane
Sang Yehuwah. Sadhengah wong kang
nggepok, iku dadi suci.”

19 Pangeran Yehuwah ngandika marang
Nabi Musa: 20 “Iki dadia kurbane Harun lan
anak-anake, kang kudu disaosake marang
Pangeran Yehuwah samangsa ana kang
dijebadi; iku arupa glepung gandum pilihan

saprasepuluh efa kagawe kurban dhaharan
ajegan, separo ing wayah esuk, separo ing
wayah sore. 21 Pangolahe ana ing panggangan
nganggo lenga, sawuse kaublek sira ladekna
kanggo kurban dhaharan, sawuse kapanggang
klawan ditugel-tugel minangka ganda kang
ngremenake kagem Pangeran Yehuwah.
22 Lan imam panunggalane anak-anake kang
kajebadan nggenteni iku iya nindakna kaya
mangkono, iku dadia pranatan kanggo ing
salawase. Kabeh kaobonga konjuk marang
Pangeran Yehuwah. 23 Saben kurban dhaharan
sesaosane imam iku kaobonga kabeh, ora
kelilan dipangan."

Bab kurban pangruwating dosa

6:24-30

24 Pangeran Yehuwah ngandika marang Nabi
Musa mangkene: 25 "Harun lan para anake iku
padha sira dhawuhana, wirasane: Iki pranatan
bab kurban pangruwating dosa. Anggone
nyembeleh kurban pangruwating dosa iku
ana ing ngarsane Pangeran Yehuwah ana
ing panggonan nyembeleh kurban obaran.
Iku kurban kang suci pinunjul. 26 Imam kang
nyaosake kurban pangruwating dosa iku kang
kudu mangan; pamangane ana ing panggonan
kang suci, ing platarane Tarub Pasewakan.
27 Saben wong kang nggepok daginge kurban
iku dadi suci lan saupama getihe ana kang
nyiprat ngenani sandhangan, iku sira kumbaha
ana ing panggonan kang suci. 28 Kuwali kang

kanggo ngolah kurban iku, karemuka, dene
manawa pangolahe ana ing kenceng tembaga,
iku kagosoka lan kaisahana. 29 Saben wong
lanang panunggalane para imam iku mangana,
iku kurban kang suci pinunjul. 30 Nanging
saben kurban pangruwating dosa, kang getihe
ana kang kagawa lumebu menyang ing Tarub
Pasewakan, kanggo nganakake karukunan
ana ing sajrone pasucen, iku poma aja sira
pangan, iku diobonga nganti entek.”

Bab kurban dhendha

7:1-10

7 1 “Iki pranatan bab kurban dhendha.
Kurban iku sesaosan kang suci pinunjul.
2 Anggone nyembeleh kurban dhendha iku
anaa ing panggonane nyembeleh kurban
obaran, dene getihe kasiramna ing sakubenge
misbyah. 3 Kang kasaosake yaiku: sakehing
gajihe, buntute kang ana gajihe lan gajih kang
nasabi jeroan, 4 ginjele karo pisan sagajihe,
kang ana ing lempeng, apadene gembelaning
atine dijupuk bareng karo ginjele. 5 Kabeh
mau diobonga dening imam ana ing misbyah
dadi kurban genenan konjuk marang Sang
Yehuwah. Iku kurban dhendha. 6 Kang mangan
iku wong lanang panunggalane para imam,
pamangane ana ing panggonan kang suci,
iku panduman kang suci pinunjul. 7 Kurban
dhendha iku kapadhakna kaya kurban
pangruwating dosa; pranatan siji kanggo
karo-karone; iku dadi pandumane imam

kang nganakake pirukun sarana kurban mau.
[8] Mangkono uga imam kang nyaosake kurban
obarane sadhengah wong, iya imam iku kang
dhuwenana lulange kurban obaran kang
kasaosake. [9] Saben kurban dhaharan kang
kapanggang ana ing panggangan roti, lan
sakabehe kang kaolah ana ing wajan lan kang
dipanggang, iku dadia pandumane imam kang
nyaosake. [10] Sadhengah kurban dhaharan
kang diolah karo lenga utawa garingan iku
dadi pandumane para anake Harun, kabeh
oleh panduman."

Bab kurban slametan

7:11-21

[11] "Iki pranatan bab kurban slametan, kang
arep disaosake marang Pangeran Yehuwah.
[12] Manawa kang kasaosake iku kanggo kurban
pamuji sokur, kurbane iku kakanthenana roti
bunder tanpa ragi, pangolahe diwori lenga,
lan roti tipis tanpa ragi kang dioseri lenga,
karodene glepung gandum pilihan kaulet
lenga. [13] Anggone nyaosake iku kakanthenana
roti bunder kang mawa ragi, katunggalna karo
kurban slametan pamuji sokur. [14] Nuli siji-sijine
bagean kang kakurbanake iku dijupuka niji,
disaosna minangka pisungsung-mligi konjuk
marang Pangeran Yehuwah, pisungsung iku
dadi pandumane imam kang nyiramake getihe
kurban slametan iku. [15] Lan daginge kurban
pamuji sokur kang dadi kurban slametan iku
kapangana ing dina anggone kasaosake, aja

ana kang dingengehake tekan esuke. [16] Dene
manawa kurban sembelehan mau kanggo
ngluwari punagi utawa kurban manasuka, iku
kapangana ing dina anggone kasaosake lan
turahane kena dipangan esuke. [17] Nanging
apa kang isih turah nganti dina katelune iku
diobonga nganti entek. [18] Awitdene manawa
daginge kurban slametan iku kapangan ing
dina katelune, iku bakal ora katrimah, lan
kurbane kaanggep batal, malah dadi njemberi,
lan sapa wong kang mangan iku bakal nyangga
kaluputane dhewe. [19] Daging iku manawa
kagepok ing sadhengah kang najis, iku aja
dipangan, nanging kaobonga nganti entek.
Saben wong kang ora najis klilan mangan
daginge kurban iku. [20] Nanging sadhengah
wong kang mangan daging kurban slametan
kang kagem Pangeran Yehuwah, mangka
wong mau kaanane najis, nyawane kudu
kasirnakake saka ing antarane bangsane.
[21] Sarta maneh manawa ana wong kang
nggepok sabarang kang najis, yaiku najising
manungsa, utawa najising kewan kang najis
utawa kewan gumremet kang najis, mangka
banjur mangan daginge kurban slametan
kang kagem Pangeran Yehuwah, wong kang
mangkono iku kasirnakna saka ing antarane
bangsane.”

Larangan mangan gajih lan getih

7:22-27

[22] Pangeran Yehuwah banjur ngandika
marang Nabi Musa mangkene: [23] “Sira
ndhawuhana marang wong Israel: Sira aja
padha mangan gajih sapi, gajih wedhus
gibas utawa gajih wedhus berok. [24] Dene
gajihing bathang lan gajihing kewan kang
mati katubruk iku kena kanggo sadhengah
kapreluan, nanging poma aja pisan-pisan sira
pangan. [25] Awitdene sapa wong kang mangan
gajihing kewan kang kasaosake dadi kurban
genenan konjuk marang Sang Yehuwah, wong
kang mangkono iku kasirnakna saka ing
antarane bangsane. [26] Mangkono uga ana ing
ngendi bae pamanggonira, sira aja mangan
sadhengah getih, dadia getihing manuk utawa
getihing kewan. [27] Sapa wong kang mangan
sadhengah getih, iku nyawane katumpesa
saka ing antarane bangsane.”

Bageane imam saka kurban slametan

7:28-38

[28] Pangeran Yehuwah ngandika marang Nabi
Musa mangkene: [29] “Sira ndhawuhana marang
umat Israel: Sing sapa nyaosake kurban
slametan marang Pangeran Yehuwah, iku
nyaosna pisungsunge marang Sang Yehuwah
saperangane kurbane slametan mau. [30] Kudu
klawan tangane dhewe anggone ngladekake

sakehe kurban genenan kang konjuk marang
Sang Yehuwah iku. Anadene gajihe karo
andhemane iku kang kaladekna; andhemane
supaya digoyangna dadi pisungsung goyangan
ana ing ngarsane Pangeran Yehuwah. 31 Lan
gajihe banjur diobonga dening imam ana
ing misbyah, nanging andhemane mau dadi
pandumane Harun lan para anake. 32 Karodene
sampile kang tengen sira ladekna marang
imam dadi pisungsung-mligi saka sakehe
kurbanira slametan. 33 Anake Harun kang
ngurbanake getih lan gajihe kurban slametan,
iku kang kudu oleh panduman sampil
tengen mau. 34 Sabab andheman pisungsung
goyangan lan sampil pisungsung-mligi iku
wus padha Sunpundhut saka wong Israel
saka sakehe kurbane slametan, sarta wus
Sunparingake marang Imam Harun lan marang
anak-anake; iku dadia paranatan kanggo
ing salawase tumrap wong Israel.” 35 Iya iku
pandumane Harun lan pandumane anak-anake
saka sakehe kurban genenan kagem Sang
Yehuwah, nalika padha dikarsakake dadi
imam kagem Pangeran Yehuwah; 36 iku kang
wus kadhawuhake dening Pangeran Yehuwah
supaya kapasrahna marang para imam mau
saka wong Israel nalikane padha dijebadi,
iku dadia pranatan kanggo ing salawase
turun-tumurun.

37 Iku mau angger-angger tumrap
kurban obaran, kurban dhaharan, kurban
pangruwating dosa, kurban dhendha,
pisungsung wisudhan lan kurban slametan,

[38] kang kadhawuhake dening Pangeran
Yehuwah marang Nabi Musa ana ing gunung
Sinai ing nalikane wong Israel padha
kadhawuhan ana ing pasamunan Sinai, supaya
padha nyaosake kurbane marang Pangeran
Yehuwah.

Rama Harun lan para putrane katetepake ing kalenggahane

8:1-36

8 [1] Pangeran Yehuwah ngandika marang Nabi
Musa: [2] "Sira ngajaka Harun lan para anake
lan njupuka panganggone lan lenga jebad,
apadene sapi lanang kurban pangruwating
dosa, wedhus gibas lanang loro, sarta kranjang
kang isi roti tanpa ragi, [3] nuli sira nglumpukna
sapepake pasamuwan ana ing sangarepe Tarub
Pasewakan." [4] Nabi Musa tumuli ngestokake
sadhawuhe Pangeran Yehuwah. Pasamuwan
banjur nglumpuk ana ing ngareping Tarub
Pasewakan. [5] Pangandikane Nabi Musa
marang pasamuwan: "Iki pangandika kang
didhawuhake dening Sang Yehuwah supaya
katindakna." [6] Nabi Musa banjur dhawuh
marang Rama Harun lan para putrane supaya
maju, banjur padha disirami banyu. [7] Sawuse
mangkono tumuli diagemi kemejan lan
sabuk apadene jubah, diagemi kotang efod
tuwin dipaningseti nganggo sabuk efod,
[8] karomaneh diagemi tutup dhadha, kang
dietrapi Urim lan Tumim. [9] Tumuli diagemi
serban, lan ing sadhuwure serban kapara

ngarep kaetrapan jamang mas suci, kaya kang
dadi dhawuhe Pangeran Yehuwah marang Nabi
Musa. 10 Sawuse mangkono Nabi Musa banjur
mundhut lenga jebad, kaagem njebadi Tarub
Suci lan saisine kabeh padha disucekake.
11 Misbyahe iya dikepyuri lenga jebad iku
sathithik rambah kaping pitu dalah sapirantine
kabeh, karodene padasan satadhahane iya
disucekake kanthi patrap mangkono. 12 Lenga
jebad iku diesokake sathithik ing mustakane
Rama Harun, nuli panjenengane dijebadi
supaya suci. 13 Nabi Musa iya ndhawuhi para
putrane Rama Harun supaya maju, tumuli
dianggoni kemejan, disabuki lan dianggoni
serban, kaya kang wus dadi dhawuhe Pangeran
Yehuwah marang Nabi Musa.
14 Sapine lanang kurban pangruwating
dosa banjur diajokake, Rama Harun lan
para putrane padha numpangake astane
ing endhase sapi kurban pangruwating dosa
mau, 15 sapine nuli disembeleh, Nabi Musa
banjur mundhut getihe dileletake klawan driji
ana ing sungu-sunguning misbyah mubeng,
kanthi patrap mangkono misbyah mau
dadi kasucekake saka dosa; getih turahane
diesokake ana ing sikile misbyah. Misbyahe
dadine kasucekake kalawan patrap mangkono
iku lan kaolehake pirukun. 16 Sakehe gajih
kang tumemplek ing jeroan, gembelaning ati,
ginjele karo pisan sagajihe, padha dijupuki
nuli diobong dening Nabi Musa ana ing
misbyah. 17 Nanging sapi lanang mau lan
lulange, daginge lan tlethonge diobong ana

ing sajabane palereban, kaya kang wus dadi
dhawuhe Pangeran Yehuwah marang Nabi
Musa.
18 Sawuse mangkono wedhus gibas lanang
kang kanggo kurban obaran kaajokake, Rama
Harun lan para putrane padha numpangake
astane ana ing endhase wedhus lanang
mau. 19 Wedhuse banjur disembeleh; Nabi
Musa tumuli nyiramake getihe ing sakubenge
misbyah. 20 Wedhuse banjur ditengkel-tengkel
miturut katemtuan, endhase lan perangan-
perangane apadene gajihe tumuli diobong
dening Nabi Musa. 21 Nanging jeroan lan
sampile dikumbah, wedhus iku diobong dening
Nabi Musa kabeh ana ing misbyah; iku kurban
obaran, kang gandane gawe rena, yaiku
kurban genenan kang kasaosake marang
Pangeran Yehuwah, kaya kang wus dadi
dhawuhe Sang Yehuwah marang Nabi Musa.
22 Sawuse mangkono Nabi Musa dhawuh
ngajokake wedhus gibas lanang sijine, iya
wedhus kang kanggo kurban wisudhan.
Rama Harun lan para putrane banjur padha
numpangake astane ana endhasing wedhus
mau; 23 wedhuse tumuli disembeleh, Nabi
Musa mundhut getihe sathithik dileletake
ing godhohing talingane Rama Harun kang
tengen, jempolane asta tengen, lan jempolane
sampeyan kang tengen. 24 Nabi Musa banjur
ndhawuhi para putrane Rama Harun supaya
padha maju, nuli ngleletake getih mau
sathithik ing godhohe kupinge kang tengen,
jempolane tangan tengen lan jempolane

sikil tengen, getih turahane disiramake ing
sakubenge misbyah, [25] tumuli mundhut gajihe,
buntute sarta gajihe kang tumempel ing
jeroane, gembelaning atine, ginjele karo
pisan sagajihe apadene sampile kang tengen.
[26] Sabanjure uga mudnhut roti bunder siji
tanpa ragi lan roti bunder siji kang dioseri
lenga, roti tipis siji, saka ing kranjang kang
ana ing ngarsane Sang Yehuwah, padha
katumpangake ing sakehe gajih lan ing
sampil kang tengen mau, [27] kabeh iku nuli
kadekek ing astane Rama Harun lan para
putrane sarta kasaosake minangka pisungsung
goyangan ana ing ngarsane Sang Yehuwah.
[28] Sawuse mangkono Nabi Musa banjur
mundhut sakabehe mau saka ing epek-epeke
astane Rama Harun lan para putrane, sarta
diobong ana ing misbyah kurban obaran dadi
kurban wisudhan, minangka ganda kang
gawe rena, kurban genenan kang kasaosake
marang Sang Yehuwah. [29] Nabi Musa banjur
mundhut andhemane wedhus mau, kasaosake
minangka pisungsung goyangan ana ing
ngarsaning Sang Yehuwah, andheman iku dadi
pandumane Nabi Musa saka wedhus kurban
wisudhan, kaya kang wus dadi dhawuhe
Pangeran Yehuwah marang Nabi Musa.
[30] Karodene Nabi Musa iya mundhut lenga
jebad mau sathithik lan getih kang ana ing
misbyah sathithik, dikepyurake ing sarira
lan pangagemane Rama Harun dalah para
putrane. Dadi Rama Harun lan pangagemane,

para putrane dalah pangagemane padha
kasucekake kalawan patrap mangkono iku.
31 Dhawuhe Nabi Musa marang Imam
harun lan marang para putrane: “Daging iku
olahen ana ing ngarepe lawangane Tarub
Pasewakan; banjur padha panganen ana ing
kono karo roti kang ana ing kranjang kang
kanggo kurban wisudhan, kaya kang wis
dakprentahake mangkene: Kakang Harun lan
para anake kang padha mangan. 32 Nanging
sapira turahe daging lan roti iku obongen
nganti entek. 33 Sarta sajroning pitung dina
kowe aja lunga-lunga saka ing lawangane
Tarub Pasewakan, nganti sarampunging
karamean wisudhan, amarga karamean
wisudhan iku suwene pitung dina. 34 Pangeran
Yehuwah paring dhawuh supaya ing tembe
kowe padha nganakake karukunan kanggo
kowe kabeh, kaya kang tumindak ing dina
iki. 35 Kowe padha tugura ana ing ngarepe
lawanganing Tarub Pasewakan pitung dina
pitung bengi, lan padha netepana apa kang
dadi kuwajibanmu marang Pangeran Yehuwah
kanthi temen-temen, supaya aja nganti padha
mati, awit mangkono iku kang kadhawuhake
marang aku.” 36 Rama Harun lan para putrane
nuli iya padha ngestokake apa sadhawuhe
Pangeran Yehuwah lumantar Nabi Musa.

Para imam padha nampani kalenggahane

9:1-24

9 1 Kacarita bareng dina kaping wolune
Nabi Musa banjur nimbali Rama Harun
lan para putrane apadene para tuwa-tuwane
Israel, 2 sarta ngandika marang Rama Harun:
“Kowe dhewe njupuka pedhet, kanggo kurban
pangruwating dosa lan wedhus gibas lanang
kanggo kurban obaran, karo-karone kang
tanpa cacad, nuli saosna marang ing ngarsane
Pangeran Yehuwah.
3 Lan wong Israel dhawuhana mangkene:
Padha njupuka wedhus berok lanang siji
kanggo kurban pangruwating dosa, lan
pedhet sarta cempe kang padha umur sataun
kang tanpa cacad, kanggo kurban obaran.
4 Apadene sapi lanang siji lan wedhus gibas
lanang siji kanggo kurban slametan, supaya
padha kasaosna ana ing ngarsane Pangeran
Yehuwah, karomaneh kurban dhaharan kang
diolah nganggo lenga, awitdene ing dina iki
Pangeran Yehuwah bakal ngatingal marang
kowe kabeh.”
5 Tumuli padha nggawa apa kang
kaprentahake dening Nabi Musa menyang
ing ngarepe Tarub Pasewakan, lan wong
sapasamuwan kabeh padha maju lan
ngadeg ana ing ngarsane Sang Yehuwah.
6 Pangandikane Nabi Musa: “Iki pangandika
kang kadhawuhake dening Pangeran
Yehuwah, padha lakonana, supaya kamulyane

Pangeran Yehuwah ngatingal marang kowe.”
7 Pangandikane Nabi Musa marang Imam
Harun: “Nyedhaka ing misbyah, kurban
pangruwating dosa lan kurban obaranmu
olahen, sarta nganakna pirukun kanggo
awakmu dhewe lan kanggo bangsa iku;
sawuse mangkono kurbane wong akeh mau
banjur olahen, sarta nganakna pirukun kanggo
wong akeh iku, kaya kang wus kadhawuhake
dening Sang Yehuwah.”
8 Imam Harun tumuli majeng nyelaki
misbyah, lan banjur mragat pedhet kurban
pangruwating dosa kang kagem sarirane
piyambak. 9 Para putrane Rama Harun banjur
ngladekakake getihe marang panjenengane,
sarta Rama Harun nyelupake drijine ing
getih iku tumuli dileletake ing sungune
misbyah. Saturahe diesokake ana ing sikile
misbyah. Saturake diesokake ana ing sikile
misbyah. 10 Gajih, ginjel lan gembelaning atine
kurban pangruwating dosa iku diobong ana
ing misbyah, kaya kang wus kadhawuhake
dening Pangeran Yehuwah marang Nabi Musa.
11 Nanging daging lan lulange diobong ana ing
sajabane palereban nganti entek.
12 Sawuse mangkono banjur mragat kurbane
obaran, para putrane Rama Harun banjur
ngladekakake getihe marang panjenengane,
Rama Harun tumuli ngesokake getih iku
ana ing misbyah mubeng. 13 Banjur iya
padha ngladekakake kurbane obaran manut
perangan-perangane kang wus katemtokake
dalah endhase pisan; tumuli diobong ana

ing misbyah. [14] Jeroan lan pupune padha
dikumbah lan diobong karo kurbane obaran
ana ing misbyah. [15] Sawuse iku kurbane wong
akeh nuli diajokake menyang ing misbyah:
wedhus berok kurban pangruwating dosa kang
kanggo wong akeh banjur disembeleh kanggo
kurban pangruwating dosa kaya kang dhisik.
[16] Kurbane obaran banjur dikon ngajokake
menyang ing misbyah, lan kaolah miturut
pranatan. [17] Sawuse iku nuli kurbane dhaharan
diajokake, dipundhut sagegem lan diobong
ana ing misbyah, ing sandhinge kurban obaran
esuk.

[18] Banjur uga mragat sapi lan wedhus
gibas lanang sedhiyan kurban slametan
kanggo wong akeh, para putrane Rama
Harun nuli padha ngladekake getihe marang
panjenengane, Rama Harun nuli ngesokake
iku ing sakubenge misbyah, [19] nanging
sakehe gajihe sapi lan wedhus mau, yaiku
buntut sagajihe, gajih kang nasabi jeroan,
ginjel apadene gembelaning ati, [20] iku
padha ditumpangake ing andhemane kurban
sakarone; kabeh banjur diobong dening Rama
Harun ana ing misbyah. [21] Andheman lan
sampile kang tengen iku disaosake dening
Rama Harun dadi pisungsung goyangan ana
ing ngarsane Sang Yehuwah; kaya kang
wus diprentahake Nabi Musa. [22] Sawuse
mangkono Rama Harun banjur ngayatake
astane kaungkulake marang wong akeh lan
mberkahi wong-wong iku. Sawuse nyaosake

kurban pangruwating dosa, kurban obaran lan
kurban slametan banjur tumedhak.
23 Nabi Musa lan Imam Harun tumuli lumebet
ing Tarub Pasewakan. Bareng miyos banjur
padha mberkahi marang wong akeh, sarta
kamulyane Pangeran Yehuwah nuli ngatingal
marang wong sabangsa kabeh, 24 lan ana geni
metu saka ing ngarsane Sang Yehuwah kang
mangsa kurban obaran lan sawernaning gajih
kang ana ing misbyah. Bareng wong sabangsa
ndeleng kaanan mangkono iku, tumuli padha
surak-surak lan sumungkem sujud.

Nadab lan Abihu padha mati

10:1-7

10 1 Kacarita para putrane Imam Harun,
Nadab lan Abihu, padha njupuk
padupane, diiseni geni sarta ditumpangi dupa.
Marga saka iku dadi padha nggawa geni liya
marang ing ngarsane Pangeran Yehuwah,
nyulayani kang dadi dhawuhe. 2 Banjur
ana geni metu saka ing ngarsane Sang
Yehuwah kang mangsa wong loro iku, temah
padha mati sanalika ana ngarsane Pangeran
Yehuwah. 3 Nabi Musa tumuli ngandika
marang Imam Harun: “Iya iki kang wus
kapangandikakake dening Pangeran Yehuwah:
Ingsun nelakake kasuceningSun marang wong
kang cedhak kalawan Ingsun, sarta nglairake
kamulyaningSun ana ing ngarepe wong
sabangsa kabeh.” Anadene Imam Harun mung
kendel bae. 4 Nabi Musa banjur nimbali Misael

lan Elsafan, anak-anake Uziel, pamane Rama
Harun, padha didhawuhi mangkene: “Padha
majua, sadulurmu iku gotongen metu saka
ing ngarepe pasucen menyang ing sajabane
palereban.” 5 Wong mau tumuli padha maju,
jisime padha diangkat metu menyang ing
sajabane palereban, isih nganggo kemejan,
netepi dhawuhe Nabi Musa.
6 Nabi Musa banjur ngandika marang Imam
Harun lan marang Eleazar lan Itamar, para
putrane Imam Harun: “Kowe aja padha sedhih
lan aja padha susah, supaya aja padha mati
lan wong sapasamuwan kabeh kena ing
bebendune Pangeran Yehuwah. Mung para
sadulurmu, yaiku wong Israel sabangsa kabeh,
iku kang padha nangisa marga saka geni
kang diurubake dening Pangeran Yehuwah
iku. 7 Kowe aja padha lunga-lunga saka
ing lawangane Tarub Pasewakan, supaya
kowe aja nganti padha nemahi pati, marga
kowe padha kadunungan lenga jebade Sang
Yehuwah.” Imam Harun lan para putrane
padha nindakake apa sadhawuhe Nabi Musa.

Larangan bab ngombe inuman keres tumrap imam kang nindakake pangibadah

10:8-11

8 Pangeran Yehuwah ngandika marang Imam
Harun: 9 “Sira dalah anak-anakira aja padha
ngombe anggur utawa sadhengah inuman
keras, samangsa sira padha lumebu ing Tarub
Pasewakan, supaya sira aja nganti padha

nemahi pati. Iku dadia pranatan kanggo ing
salawase turun-tumurun, [10] supaya sira bisa
mbedakake samubarang kang suci karo kang
ora, kang najis lan kang ora najis. [11] Sarta
maneh sira wulangna marang wong Israel,
sakehe pranatan kang wus kadhawuhake
dening Pangeran Yehuwah marang wong-wong
iku lumantar Nabi Musa."

Bab panduman kurban kanggo para imam

10:12-20

[12] Nabi Musa tumuli ngandika marang Imam
Harun, Eleazar lan Itamar, para putrane kang
isih kari: "Padha njupuka kurban dhaharan
turahane sakehe kurban genenan kang kagem
Pangeran Yehuwah, iku nuli panganen ana
ing sandhinge misbyah kaya dene roti tanpa
ragi; awit iku panduman kang suci pinunjul.
[13] Panganen ana ing panggonan kang suci, awit
iku katetepan kanggo kowe lan anak-anakmu
tumrap kurban genenan kang kagem Sang
Yehuwah; sabab mangkono dhawuhe marang
aku. [14] Karomeneh andhemane pisungsung
goyangan lan sampile pisungsung-mligi iku
panganen ana ing panggonan kang ora ana
najise, iya kowe dalah anak-anakmu lanang
wadon, awitdene iku kabeh wus padha
kaparingake dadi katetepan tumrap kowe
lan anak-anakmu saka kurban slametane
wong Israel. [15] Sampil pisungsung-mligi lan
andheman pisungsung goyangan iku padha
digawaa menyang ing papaning sakehe kurban

genenan kang awujud gajih, supaya padha
digoyanga minangka pisungsung goyangan
ana ing ngarsane Pangeran Yehuwah.
Iku katetepan kang kanggo ing salawase
tumrap kowe lan anak-anakmu, kaya kang
kadhawuhake dening Pangeran Yehuwah.”
16 Nabi Musa banjur nggoleki kanthi njlimet
wedhus berok lanang, kanggo kurban
pangruwating dosa mau, nanging jebul wus
entek kaobong. Kang iku Eleazar lan Itamar
putrane Rama Harun kang isih kari, tumuli
padha didukani, pangandikane: 17 “Yagene
kurban pangruwating dosa iku ora padha
kokpangan ana ing panggonan kang suci? Iku
rak panduman kang suci pinunjul, lan Pangeran
Yehuwah anggone maringake iku marang
kowe, iku supaya kowe padha nyanggaa
kaluputane para umat, supaya ngolehake
pirukun ana ing ngarsane Pangeran Yehuwah?
18 Delengen, getihe rak ora digawa lumebu ing
sajroning pasucen, mangka mesthine kudu
padha kokpangan ana ing papan kang suci,
kaya kang wus dadi prentahku!” 19 Ature Imam
Harun marang Nabi Musa: “Pancen bener,
ing dina iki wus padha ngaturake kurban
pangruwating dosa lan kurban obaran marang
ing ngarsaning Pangeran Yehuwah, nanging
aku kok banjur ngalami prakara-prakara kang
kaya mangkono mau. Saupama ing dina
iki aku uga mangan kurban pangruwating
dosa, apa iku ndadekake keparenge Pangeran
Yehuwah?” 20 Bareng Nabi Musa miyarsa atur
mangkono, iku kagalih prayoga.

Bab kewan kang kalal
lan kewan kang karam

11:1-47

11 1 Pangeran Yehuwah banjur ngandika
marang Nabi Musa lan Rama Harun,
mangkene: 2 “Sira ndhawuhana marang wong
Israel: Iki kewan kang kena sira pangan saka
ing antarane kewan kang sikil papat kang
ana ing dharatan: 3 Sadhengah kewan kang
atracak belah, yaiku kang belahane dawa kang
sarta nggayemi, iku kena sira pangan.
4 Nanging panunggalane kang nggayemi
lan kang belah tracake, kang ora kelilan sira
pangan, yaiku: unta, awit iku iya nggayemi,
nanging ora atracak belah, iku karam tumrap
sira. 5 Uga safan, iku uga nggayemi nanging
ora tracak belah, dadi karam tumrap sira,
6 apadene truwelu, iku iya pancen nggayemi,
nanging ora tracak belah, dadi karam tumrap
sira. 7 Mangkono uga celeng, iku iya tracak
belah, malah belahane dawa, nanging ora
nggayemi, iku karam tumrap sira. 8 Daginge
kewan-kewan iku mau aja sira pangan lan
bathange aja sira gepok; kabeh iku karam
tumrap sira.
9 Panunggalane kang urip ana ing banyu, ing
sagara lan ing kali kang kena sira pangan,
yaiku: sadhengah kang mawa kepet lan
sisik, iku kabeh kena sira pangan. 10 Nanging
sadhengah kang ana ing sagara lan ing kali
kang tanpa kepet lan sisik, sarta maneh

panunggalane kang padha uyel-uyelan pating
krogel ana ing banyu, iku kabeh najis tumrap
sira. [11] Rehne iku kabeh najis tumrap sira, sira
aja mangan daginge, dene bathange kudu
sira najisake. [12] Sadhengah kang urip ana ing
banyu kang tanpa kepet lan sisik, iku najis
tumrap sira.
[13] Panunggalane manuk kang kudu sira
najisake lan aja sira pangan amarga kabeh iku
najis, yaiku: manuk garudha, manuk beri lan
manuk wulung sagara, [14] manuk wulung abang
lan manuk wulung ireng lan sapepadhane,
[15] bangsa gagak lan sapepadhane, [16] manuk
unta, manuk uwek, manuk dares lan bangsa
alap-alap sapepadhane, [17] manuk kos, manuk
salak lan manuk yansyuf; [18] manuk tinsemet,
walang kadhak lan manuk rakham; [19] manuk
khasidhah, manuk bango lan sapepadhane,
manuk dukifat lan lawa.
[20] Sarupane kewan gumremet mawa elar
lan asikil papat iku padha najis tumrap sira.
[21] Dene panunggalane bangsa gumremet
kang mawa elar lan asikil papat, lan kajaba
sikile papat isih ana suthange kanggo
mencolot ana ing bumi, iku kena sira pangan.
[22] Panunggalane kang kena sira pangan, yaiku:
walang lan sapepadhane, walang gambar lan
sapepadhane, bangsane walang kunir lan
bangsane walang pari. [23] Liyane iku sadhengah
gumremet kang mawa elar asikil papat iku
najis tumrap sira.
[24] Karodene kang kasebut iki bakal ndadekake
najisira, saben wong kang nggepok bathange,

bakal dadi najis tumeka suruping srengenge,
25 lan sing sapa nggawa saperangane
bathange, iku ngumbaha sandhangane lan
iya bakal najis tumeka suruping srengenge
--, 26 yaiku sadhengah kewan kang tracake
belah, nanging belahane ora dawa, sarta ora
nggayemi, iku kabeh karam tumrap sira,
lan sing sapa nggepok iku bakal dadi najis.
27 Samono uga panunggalane sarupane kewan
sikil papat kang lumaku nganggo tlapakane,
iku kabeh padha karam tumrap sira; sing
sapa nggepok bathange, bakal dadi najis
nganti tumeka suruping srengenge, 28 sarta
sing sapa nggawa bathange, kudu ngumbah
sandhangane, lan iya bakal dadi najis tumeka
suruping srengenge. Iku kabeh padha karam
tumrap sira.
29 Panunggalane bangsa kewan rumangkang
kang kumruyuk ana ing bumi, kang karam
tumrap sira, yaiku: tikus wuta, tikus, kodhok
lan sapepadhane, 30 tekek, slira lan kawuk,
khomet lan bunglon. 31 Iku kabeh padha
karam tumrap sira, ana ing antarane sakehe
kewan rumangkang nlosor. Sing sapa nggepok
kewan-kewan iku samangsa wus mati, iku
bakal dadi najis tumeka suruping srengenge.
32 Karomaneh sadhengah apa kang ketiban
kewan mau samangsa wus mati, iku mesthi
dadi najis: sakehing piranti kayu, sandhangan,
lulang utawa bagor lan sadhengah piranti kang
kanggo nindakake apa bae, iku kacemplungna
ing banyu lan dadi najis tumeka suruping
srengenge, sawuse mangkono bakal dadi

resik maneh. 33 Nanging sadhengah wadhah
grabah kang ketiban salah sawijine kewan
iku, apa isine dadi najis, dene wadhahe
kudu sira pecah. 34 Sadhengah pangan kang
kena dipangan, manawa kecak banyuning
wadhah mau, iku dadi najis, lan sarupane
omben-omben kang kena diombe kang ana
ing wadhah kang mangkono iku, iya dadi najis.
35 Samubarang kang ketiban bathange kewan
mau dadi najis; manawa iku pambakaran roti
utawa anglo, iku karemuka, awit iku kabeh
wus padha dadi najis lan iya sira anggepa
najis; 36 nanging sumber utawa sumur kang isi
banyu, iku tetep ora najis; nanging sing sapa
nggepok bathange kewan-kewan mau, iku
dadi najis. 37 Mangkono maneh winih apa bae
kang arep disebar, kang ketiban ing bathange
kewan iku, iku tetep ora najis. 38 Nanging
manawa winih mau wus diekum ing banyu,
nuli ketiban bathange, iku dadi najis tumrap
sira.

39 Anadene manawa panunggalane kewan
kang dadi panganira mati, sing sapa nggepok
bathange bakal dadi najis tumeka suruping
srengenge. 40 Lan sing sapa mangan bathange,
iku ngumbaha sandhangane lan iya dadi
najis tumeka suruping srengenge. Mangkono
uga kang nggawa bathange, iya ngumbaha
sandhangane lan dadi najis tumeka suruping
srengenge.

41 Karomaneh sarupane kewan kang
gumremet uyel-uyelan ana ing bumi iku padha
najis, poma aja nganti dipangan. 42 Sadhengah

kang lakune nlosor lan sadhengah kang
rumangkang utawa gumremet nganggo sikil
papat, utawa kang sikile akeh, sadhengah
kang kagolong kewan gumremet uyel-uyelan
ana ing bumi, iku aja sira pangan, awit
iku kabeh padha najis. 43 Sira aja padha
ndadekake najising awakira dhewe marga saka
sadhengah kewan kang gumremet uyel-uyelan
lan aja padha najisake awakira marga saka
iku mau kabeh, supaya sira aja dadi najis.
44 Awitdene Ingsun iki Yehuwah Allahira,
mulane sira kudu padha nucekna awakira lan
sira kudu padha suci, marga Ingsun iki suci,
sarta sira aja nganti padha ndadekake najisira
marga saka sadhengah kewan kang gumremet
uyel-uyelan ana ing bumi. 45 Awitdene Ingsun
iki Yehuwah Allahira kang wus ngirid sira
mentas saka ing tanah Mesir, supaya Ingsun
dadia Allahira; sira padha dadia suci, marga
Ingsun iki suci.
46 Iku mau angger-angger bab kewan
kang sikil papat, bangsaning manuk lan bab
sarupane kang kumelip kang mobahmosik ana
ing banyu, apadene bab sadhengah apa kang
uyel-uyelan ana ing bumi, 47 yaiku kanggo
mbedakake kang karam lan kang kalal,
kewan kang oleh dipangan karo kang ora oleh
dipangan.”

Angger-angger bab wong wadon kang mentas nglairake anak

12:1-8

12 [1] Pangeran Yehuwah ngandika
marang Nabi Musa mangkene: [2] “Sira
ndhawuhana marang wong Israel: Samangsa
ana wong wadon nglairake anak, metu lanang,
iku dadi najis lawase pitung dina, iya padha
lawase kaya anggone dadi najis samangsa
nggarap-sari. [3] Lan ing wolung dinane bayi iku
katetakana ikute. [4] Sawuse mangkono wong
wadon mau tetepa ana ing omahe bae lawase
telung puluh telu dina nganti birating najise
getih, lan ore kena nggepok sadhengah apa
kang suci lan ora kena lumebu ing pasucen,
nganti tumeka ganeping dinane anggone
kasucekake. [5] Balik manawa nglairake anak
wadon, banjur dadi najis lawase rong minggu,
najise padha kaya samangsa nggarap-sari.
Sawuse mangkono tetepa ana ing omahe
bae lawase sawidak nem dina nganti birating
najise getih. [6] Dene manawa wus genep dinane
anggone kasucekake, tumrap anak lanang
utawa wadon, tumuli ngajokna wedhus gembel
kang umur setaun kanggo kurban obaran lan
piyik dara utawa manuk deruk siji kanggo
kurban pangruwating dosa, diladekna marang
imam menyang ing ngarepe lawangane Tarub
Pasewakan. [7] Dene imam iku kang banjur
nyaosake ana ing ngarsane Pangeran Yehuwah
sarta nganakake pirukun kanggo wong wadon

mau. Kaya mangkono wong wadon mau
anggone kasucekake saka anggone ngetokake
getih. Iku angger-angger tumrap wong wadon
kang nglairake anak lanang utawa wadon.
8 Nanging manawa wonge ora bisa nganakake
wedhus berok utawa wedhus gembel, kena
ngladekake manuk deruk loro utawa manuk
dara loro, siji kanggo kurban obaran, sijine
kanggo kurban pangruwating dosa; dene
imam nuli nganakna pirukun kanggo wong
wadon iku, temah bakal birat najise.”

Bab memala saraat

13:1--14:57

13 1 Pangeran Yehuwah ngandika marang
Nabi Musa lan Imam Harun mangkene:
2 “Manawa ana wong kang kuliting badane
abuh, merkutuk utawa belang-belang kaya
panu, kang bokmanawa dadi wiwitaning
memala saraat ana ing kulite, wong iku banjur
kagawaa marang ing ngarepe Imam Harun
utawa ngarepe salah sijine imam anake Harun.
3 Imam tumuli mriksaa memala ing kuliting
badane iku, lan manawa wulu ing memalane
iku malih dadi putih, lan memala iku katon
luwih jero tinimbang kulit, iku genah memala
saraat; manawa imam wus yakin bab iku,
wong mau katetepna najis. 4 Balik manawa
belang ing kuliting badane iku sanadyan iya
putih, nanging ora katon luwih jero tinimbang
kulite, lan wulune ora malih dadi putih, wong
mau dikurunga dening imam lawase pitung

dina. 5 Sawusw pitung dina dipriksaa maneh
dening imam, manawa miturut panemune
imam, memalane ajeg bae, ora mremen
marang kulit liyane, wonge dikurunga maneh
lawase pitung dina kanggo kang kaping
pindhone. 6 Bareng pitung dinane dipriksaa
maneh dening imam kang kaping pindhone,
saupama memalane katon alum lan ora
mremen ing kulit liyane, imam netepna yen
wong mau ora najis, iku mung merkutuk bae.
Wonge ngumbaha sandhangane, nuli wus dadi
resik. 7 Nanging manawa nalika mriksakake
awake marang imam supaya kasucekna mau,
merkutuke banjur saya mremen menyang kulit
liyane, wonge kawajiban mriksakake awake
marang imam maneh kang kaping pindhone.
8 Manawa miturut papriksane imam merkutuke
iku saya mremen, wonge banjur katetepna
najise dening imam: iku memala saraat.

9 Manawa ana wong kang nandhang memala
saraat, iku kagawaa marang ing ngarepe
imam. 10 Yen miturut papriksane imam
kulite ana kang abuh, warnane putih, lan
njalari wulune iya wus malih putih, mangka
satengahe kang abuh mau ana daginge
mendhukul, 11 iku memala saraat kang wus
lawas ana ing kuliting badane, Mulane wong
iku ditetepna najise dening imam, ora usah
ndadak kakurung, marga pancen wus dadi
najis.

12 Manawa memala saraat mau thukul warata
ana ing kulit, nganti nutupi awake sakojur,
wiwit ing sirah nganti tekan ing dlamakane,

sapira kang bisa kasumurupan dening imam,
13 lan manawa pamriksane imam memala
saraat iku wus mratani kulite wong mau ana
ing awake sakojur, kang malanen mau banjur
ditetepna ora najis, marga malane mau wus
malih dadi putih kabeh; wonge dadine resik.
14 Nanging manawa ing malane iku katon
ana daginge kang pendul, wonge dadi najis.
15 Manawa imam ndeleng daging kang pendul
iku, wonge ditetepna najis; daging pendul iku
najis, pancen iku memala saraat. 16 Nanging
manawa daging pendul iku kempes lan malih
dadi putih, wonge nuli sebaa marang ing
ngarepe imam. 17 Manawa miturut papriksane
imam malane wus malih dadi putih, kang
malanen ditetepna ora najis dening imam,
dhasar wus birat najise.

18 Manawa ing kuliting badane sawijining
wong ana plenthunge kang wus waras,
19 mangka tilas panggonan kang mlenthung
iku ana kang mendul putih utawa ana belange
putih semu abang, wong iku nuli nyuwuna
kapriksa dening imam. 20 Manawa miturut
papriksane imam belange iku luwih jero
tinimbang kulit liyane, lan wulune wus malih
dadi putih, wonge katetepna najis dening
imam. Iku memala saraat kang thukul ana
ing tilas plenthung mau. 21 Nanging manawa
imam anggone mriksa ora tinemu ana wulune
putih lan belange ora luwih jero tinimbang
kulit liyane, malah belange katon saya alum,
wonge banjur kakurunga dening imam lawase
pitung dina. 22 Manawa belange mau mremen

menyang kulit liyane, wonge ditetepna dening
imam yen najis, iku pancen memala saraat.
23 Nanging manawa belange mau ajeg ora
mremen, iku tetep mung tilas plenthung,
wonge katetepna resik dening imam.
24 Utawa manawa ing kulite badan ana tabete
gosong kena geni, mangka sawarase kulite,
tabet mau dadi belang putih semu abang
utawa putih, 25 imam kudu mriksa, yen wulu
ing panggonan belang mau malih putih, lan
belange katon luwih jero tinimbang kulit
liyane, dadi iku pancen memala saraat kang
thukul saka tabet gosong mau, mulane wonge
ditetepna najis dening imam, iku memala
saraat. 26 Balik manawa miturut papriksane
imam, ing belange iku ora ana wulune putih
lan ora luwih jero tinimbang kulit liyane, malah
katon saya alum, wonge banjur kakurunga
dening imam lawase pitung dina. 27 Ing pitung
dinane wong mau dipriksaa maneh dening
imam; manawa belange saya mremen ing
kulit, wonge ditetepna najis dening imam, iku
memala saraat. 28 Balik manawa belange ajeg
ana ing panggonane, ora mremen ing kulit
liyane, malah katon alum, iku pendule tabet
gosong, mulane wonge ditetepna ora najis
dening imam, awit iku mung tabete gosong
bae.
29 Karodene maneh manawa ana wong lanang
utawa wadon memalanen ing sirah utawa ing
jenggote, 30 imam kudu mriksa memala iku,
manawa katone luwih jero tinimbang kulit
liyane, lan wulune lemes semu kuning, wong

iku ditetepna najis dening imam. Iku borok,
iya memala saraat ing sirah utawa ing jenggot.
[31] Balik manawa miturut papriksane imam,
borok mau katone ora luwih jero tinimbang
kulit liyane, lan ora ana rambute kang ireng,
kang nandhang memala borok iku banjur
kakurunga dening imam lawase pitung dina.
[32] Ing pitung dinane imam mriksaa maneh
memala mau, manawa boroke ora mremen
lan ora ana rambute kang semu kuning,
mangkono maneh boroke ora luwih jero
tinimbang kulit liyane, [33] wonge nuli cukura;
dene kang ana boroke aja dicukur, lan wong
kang boroken iku dikurunga dening imam
pitung dina engkas. [34] Wasana ing pitung
dinane imam mriksa boroke mau maneh,
manawa tetela ora mremen ing kulit liyane,
lan katone ora luwih jero tinimbang karo
kulite, wonge banjur ditetepna ora najis
dening imam, mung ngumbaha sandhangane,
nuli wus dadi resik. [35] Nanging manawa borok
mau pancen saya mremen ing kulite, sawuse
katetepake resik, [36] mangka papriksane imam,
boroke mremen ing kulite, dadi imam ora
usah nggoleki rambut kang kuning, wong
mau pancen najis. [37] Balik manawa miturut
papriksane imam borok iku isih ajeg, lan wus
kathukulan rambut ireng, dadi boroke wus
waras, wonge ora najis, lan imam netepna yen
ora najis.

[38] Manawa ana wong lanang utawa wadon
kang kulite ana belang-belange, yaiku
belang-belang putih, [39] imam kudu mriksa,

yen belang-belang ing kulit mau katon alum,
dadi mung bangsane panu bae kang thukul
ana ing kulit mau, wong mau ora najis.
40 Manawa ana wong lanang kang bodhol
rambute, iku mung dadi buthak, ora najis,
41 manawa kang bodhol mung rambut ing
ngarep bae, lan dadi buthak ing sisih ngarep,
iku ora najis. 42 Nanging manawa ing sirahe
kang buthak mau ing sisih dhuwur utawa ing
sisih ngarep ana memalane kang putih semu
abang, iku memala saraat kang thukul ana ing
perangane sirahe kang buthak mau. 43 Imam
banjur mriksaa, yen penduling memala kang
thukul ana ing perangane sirahe kang buthak
iku putih semu abang, rupane padha karo
memala saraat ing kulit, 44 wong iku pancen
nandhang memala saraat, dadine najis lan
ditetepna najis dening imam, marga saka
memalane ing sirahe mau.
45 Wong kang nandhang memala saraat iku
nganggoa sandhangan kang rowak-rawek,
rambute kaorea, lan brengose katutupana,
klawan alok-alok: najis, najis! 46 Salawase
nandhang memala iku, tetepa najise. Sarehne
najis mulane pamanggone kapisaha, prenahe
ana ing sajabane palereban.
47 Manawa ana sandhangan kang ana tandha-
tandhane memala saraat, dadia sandhangan
wol utawa lena, 48 dadia tenunan utawa
anaman lawe, dadia lulang utawa sadhengaha
dandanan lulang, 49 manawa tandha-tandha
kang dumunung ing barang-barang mau
katon semu abang, iku memala saraat,

perlu dipriksakake marang imam. 50 Manawa
tandha-tandha mau wus dipriksa dening imam,
kang kadunungan tandha-tandha mau dipisah
pitung dina lawase. 51 Ing pitung dinane
dipriksa maneh, manawa tandha-tandha mau
wus mremen ana ing sandhangan, utawa
tenunan, ing anaman utawa ing lulang, iya
ing sadhengah apa bae kang bakale lulang,
iku saraat kang ganas banget, lan iku najis.
52 Sandhangan kang ana tandha-tandhane
mangkono iku kaobonga, awit iku saraat
kang ganas banget, barang-barang mau
kudu kaobong nganti entek. 53 Balik manawa
miturut papriksane imam, tandha-tandha
mau ora mremen ing barang-barang iku,
54 imam tumuli akona ngumbah barang-barang
kang kadunungan tandha-tandha iku, sarta
wonge banjur kapisaha pitung dina maneh.
55 Sawuse barang-barang iku dikumbah, imam
kudu mriksa tandha-tandha iku mau maneh.
Sanadyan ora mremen, yen tandha-tandha
iku ora owah, barang-barang mau tetep
najis, iku sira obonga nganti entek, awit
tandha-tandha mau saya jero ana ing sisih buri
utawa ing sisih ngarep. 56 Nanging manawa
miturut papriksane imam tandha-tandha mau
sawuse kakumbah katon lamat-lamat, iku
nuli kasuweka saka ing barang-barang mau.
57 Nanging manawa tandha-tandha iku katon
maneh ana ing barang-barang mau, iku saraat
kang lagi thukul, barang kang kadunungan
tandha-tandha iku kaobonga nganti entek.
58 Nanging barang-barang kang wus sira

kumbah nganti ilang tandha-tandhane, iku
kakumbaha maneh, lagi dadi resik.
59 Iku mau angger-angger bab saraat kang
tumrap ing sandhangan wol utawa lena,
barang tenunan utawa anaman, apadene
sadhengah dandanan lulang, supaya katetepna
resik utawa najis.”
14 1 Pangeran Yehuwah banjur ngandika
maneh marang Nabi Musa: 2 “Iki
kang kudu dadi angger-angger tumrap wong
kang nandhang memala saraat samangsa
kabirat najise, wonge kudu kagawa marang
ing ngareping imam, 3 lan imam iku kudu
metu menyang ing sajabane palereban.
Manawa miturut papriksane imam, wong kang
nandhang lara saraat mau wus waras, 4 imam
nuli mrentahna marang wong kang arep dibirat
najise iku supaya ngladekna manuk kang isih
urip lan kalal loro, karo kayu eres, kain jingga
lan isop. 5 Imam mrentahna nyembeleh manuk
kang siji kaungkulna ing wadhah grabah kang
ana banyune mili. 6 Nanging manuk kang isih
urip iku kajupuka bareng karo kayu eres, kain
jingga lan isop iku mau, nuli kabeh iku dalah
manuk mau dicelupna ing getihe manuk kang
wus kasembeleh nganggo diungkulake ing
banyu mili mau. 7 Sawuse mangkono imam
banjur ngepyurna getih mau rambah kaping
pitu marang awake wong kang arep dibirat
najise mau, temah ditetepna resik; nuli manuk
kang isih urip iku diuculna ana ing ara-ara.
8 Anadene wong kang bakal kabirat najise iku
banjur ngumbaha sandhangane, kacukura

rambute kabeh sarta adusa, temah birat
najise. Sawuse mangkono kena lumebu ing
palereban, nanging lereba ana ing sajabane
tarube lawase pitung dina. 9 Ing pitung dinane
kacukura maneh rambute nganti resik kabeh,
rambut sirah, jenggot, alis, malah dalah
wuluning badan kabeh kacukura, sandhangane
kakumbaha, awake kaedusana, temah birat
najise.
10 Ing wolung dinane wong mau njupuka
wedhus gembel lanang loro kang tanpa
cacad, lan wedhus gembel wadon siji kang
umur sataun iya kang tanpa cacad, glepung
kang becik dhewe telung prasepuluh efa
diwori lenga kanggo kurban dhaharan,
karomaneh lenga sa-log. 11 Anadene imam
kang nindakake pambirating najis iku banjur
mrenahna wong kang bakal kabirat najise
iku dalah sakabehing pisungsung ana ing
ngarsane Pangeran Yehuwah ing ngarepe
lawangane Tarub Pasewakan. 12 Imam tumuli
njupuka wedhus gembel lanang kang siji,
sarta kasaosna minangka kurban dhendha
karo lengane sa-log mau, nganggoa padha
digoyang dadi pisungsung goyangan ana
ing ngarsane Pangeran Yehuwah. 13 Sawuse
mangkono wedhus gembel lanang mau
disembeleha ana ing panggonan nyembeleh
kurban pangruwating dosa lan kurban obaran,
ana ing papan kang suci, awit kurban dhendha
mangkono uga kurban pangruwating dosa,
iku dadi pandumane imam; iku panduman
kang suci pinunjul. 14 Imam banjur njupuka

getihe kurban dhendha mau sathithik dileletna
marang wong kang bakal kabirat najise
mau ing godhohing kupinge kang tengen
ing jempolaning tangan tengen lan ing
jempolaning sikil tengen. 15 Sarta maneh lenga
sa-log mau kajupuka sathithik, kaesokna
ana ing epek-epeke tangane dhewe kang
kiwa; 16 imam banjur nyelupna drijine kang
tengen ing lenga kang ana ing epek-epeke
kiwa iku sarta ngepyurna lengane klawan
drijine rambah kaping pitu ana ing ngarsane
Pangeran Yehuwah. 17 Kekarene lenga kang
ana ing tangane iku salong kaleletna dening
imam marang godhohing kupinge tengen
wong iku, ing jempolane tangan tengen lan
ing jempolane sikile kang tengen, tumumpang
ing getihe kurban dhendha mau. 18 Turahane
lenga kang ana ing epek-epeke imam mau
diusapna ing sirahe wong kang bakal kabirat
najise. Mangkono anggone imam nganakake
pirukun tumrap wong mau ana ing ngarsane
Pangeran Yehuwah. 19 Karomaneh imam
iya nyaosna kurban pangruwating dosa lan
kalawan mangkono nganakake pirukun tumrap
wong kang bakal kabirat najise lan sawuse iku
nyembeleha kurban obaran. 20 Wasana imam
nyaosna kurban obaran lan kurban dhaharan
ana ing misbyah. Mangkono imam anggone
nganakake pirukun tumrap wong iku, temah
birat najise.

21 Nanging manawa wonge iku miskin ora
bisa nganakake iku kabeh, iku mung njupuka
wedhus gembel lanang siji bae minangka

kurban dhendha kang kanggo pisungsung
goyangan kagawe nganakake karukunan
tumrap wong mau, karomaneh glepung pilihan
saprasepuluh efa kaolah dicampuri lenga
kanggo kurban dhaharan kanthi lenga sa-log.
[22] Apamaneh manuk deruk loro utawa manuk
dara loro, endi kang dibisani, siji kanggo
kurban pangruwating dosa lan sijine kanggo
kurban obaran. [23] Ing dina kaping wolune
wong mau ngladekna barang-barang mau
kabeh marang imam ana ing lawangane Tarub
Pasewakan ing ngarsane Pangeran Yehuwah,
minangka pambirating najise.
[24] Imam sawuse nampani wedhus kurban
dhendha lan lenga sa-log mau, banjur
nyaosake iku kabeh minangka pisungsung
goyangan ana ing ngarsane Pangeran
Yehuwah. [25] Sawuse iku tumuli wedhuse
kurban dhendha kasembeleha, sarta imam
njupuka getihe sathithik kaleletna ing
godhohing kupinge kang tengen wong iku lan
ing jempolane tangane tengen apadene ing
jempolane sikile kang tengen. [26] Sarta maneh
lenga mau kaesokna sathithik dening imam
ing epek-epeke tangane dhewe kang kiwa,
[27] banjur lenga kang ana ing tangane kiwa mau
kakepyurna klawan drijine tangan tengen,
nganti rambah kaping pitu ana ing ngarsane
Pangeran Yehuwah. [28] Karodene lenga kang
ana ing epek-epek mau salong kaleletna ing
godhohing kupinge tengen wong kang kabirat
najise, uga ing jempolane tangan tengen,
sata jempolane sikil tengen, ing panggonan

kang wus ana getihe kurban dhendha mau.
29 Turahane lenga kang ana ing epek-epeke
imam mau kausapna ing sirahe wong kang
bakal kabirat najise, kagawe nganakake
pirukun tumrap wong mau ana ing ngarsane
Sang Yehuwah. 30 Banjur deruke utawa piyike
dara, endi kang disaosake dening wong mau
manut kakuwatane, 31 kang siji kanggo kurban
pangruwating dosa lan sijine kanggo kurban
obaran kanthi kurban dhaharan. Mangkono
imam anggone nganakake pirukun ana ing
ngarsane Pangeran Yehuwah tumrap wong
kang bakal kabirat najise.

32 Iku mau angger-angger bab pambirate
najise wong kang nandhang memala saraat
kang sekeng."

33 Pangeran Yehuwah ngandika maneh
marang Nabi Musa lan Imam Harun:
34 "Samangsa sira wus padha lumebu ing
tanah Kanaan kang bakal Sunparingake dadi
ebekira, mangka ana ing tanah bakal ebekira
iku ana omah kang Sunganjar memala saraat,
35 wong kang duwe omah iku kudu nemoni
lan matur marang imam: Sajakipun ing griya
kula kados wonten memalanipun saraat.
36 Imam banjur prentaha nyuwungake omah
mau sadurunge mriksa tandha-tandha saraat
iku, supaya aja nganti ndadekake najise
samubarang kang ana ing jero omah kono.
Sawuse mangkono imam tumuli tekaa mriksa
omahe. 37 Manawa miturut papriksane imam,
ing temboke omah iku, ana legok-legokan
kang warnane semu ijo utawa semu abang,

sawangane luwih jero tinimbang raening
tembok liyane, [38] imam banjur metua saka
ing omah iku menyanga ing ngarep lawang,
sarta akona ngunci omah mau lawase pitung
dina. [39] Ing pitung dinane imam balia maneh,
manawa miturut papriksane tandha-tandha
saraat iku mremen ing tembok sandhinge,
[40] imam banjur mrentahna njugili temboke
kang kadunungan cacad iku, padha kabuwanga
menyang ing sajabane nagara ing panggonan
kang najis. [41] Apamaneh omahe dikerukana
ing sisih jero mubeng, dene kerukane iku
kabuwanga menyang ing sajabane nagara ing
panggonan kang najis. [42] Sawuse mangkono
wong-wong banjur padha njupuka watu
liyane kaetrapna ing tilas panggonan watu
lawas, lan njupuka labur kagawe nglepa
omahe. [43] Nanging manawa tandha-tandha
mau thukul maneh ana ing omah iku sawuse
batane dijugili lan omahe wus dikeruki tuwin
malah wus dilepa maneh, [44] imam tumuli
balia mrono lan manawa miturut papriksane
tandha-tandha saraat iku mremen ana ing
omahe, omah iku kena ing memala saraat
kang ganas, omahe iku dadine najis. [45] Omah
kaya mangkono iku kudu dibubrah, batane,
kayune dalah labure omah kabeh, iku padha
kagawaa metu menyang ing sajabane nagara
ing panggonan kang najis. [46] Lan sing sapa
lumebu ing omah iku sasuwene dikunci, iku
dadi najis nganti tumeka suruping srengenge.
[47] Sarta wong kang turu ana ing omah kono,
ngumbaha sandhangane, mangkono uga

wong kang manggon ana ing omah kono, iya
ngumbaha sandhangane.
48 Nanging manawa imam mrono, mangka
miturut papriksane tandha-tandha mau ora
mremen sawuse dilepa maneh, imam banjur
netepna omah iku ora najis, marga memalane
wus ilang. 49 Sawuse mangkono kanggo mbirat
najise omah iku, njupuka manuk loro, kayu
eres, kain jingga lan isop. 50 Manuke kang siji
disembeleha nganggo diungkulake ing banyu
mili kang ana ing wadhah grabah. 51 Kayu
eres lan lawe jingga sarta isop dalah manuke
kang isih urip iku banjur padha dicelupna ing
getihe manuk kang wus kasembeleh lan ing
banyu mili mau, sarta omahe dikepyurana
rambah kaping pitu. 52 Mangkono anggone
imam mbirat najise omah iku srana getihe
manuk, banyu kang mili, sarta manuk kang
isih urip apadene klawan kayu eres, isop lan
kain jingga mau. 53 Dene manuke kang isih
urip iku diuculna ana ing ara-ara ing sajabane
kutha. Mangkono anggone imam nganakake
pirukun tumrap omah iku, temah dadi resik.
54 Iku mau angger-angger kang tumrap ing
sadhengah memala saraat, memala borok,
55 tumrap memala saraat ing sandhangan lan
ing omah, 56 bab plenthung, merkutuk lan
belang, 57 minangka pituduh bab najis lan bab
ora najis. Iku angger-angger bab memala
saraat.”

Wong lanang lan wong wadon kang najis

15:1-33

15 [1] Pangeran Yehuwah ngandika marang
Nabi Musa lan Imam Harun: [2] "Sira
pratelaa marang wong Israel lan padha sira
tuturana: Manawa ana wong lanang kang
ngetokake umbel saka ing kawirangane, iku
dadi najis marga saka umbel mau. [3] Mangkene
gegayutane kanajisane karo umbel iku:
manawa wetune umbel saka ing kawirangane
iku lumintu utawa kapathet, nganti ora metu,
yaiku kanajisane. [4] Sadhengah papan kang
dituroni dening wong kang ngetokake umbel
iku dadi najis, lan samubarang kang dilungguhi
iya dadi najis uga. [5] Sapa kang nggepok
paturone, iku ngumbaha sandhangane lan
adusa sarta bakal dadi najis tumeka suruping
srengenge. [6] Sing sapa lungguh tilas kang
dilungguhi wong kang ngetokake umbel iku,
iya ngumbaha sandhangane lan adusa, sarta
bakal dadi najis tumeka suruping srengenge.
[7] Sing sapa nggepok wong kang mangkono iku,
iya ngumbaha sandhangane lan adusa, sarta
bakal dadi najis tumeka suruping srengenge.
[8] Manawa wong kang mangkono iku ngidoni
wong kang ora najis, wong kang diidoni mau
ngumbaha sandhangane lan adusa, sarta
bakal dadi najis tumeka suruping srengenge.
[9] Lan sadhengah lapak kang dilungguhi
wong kang mangkono iku, dadi najis. [10] Sing
sapa nggepok sadhengah apa kang mentas

kaungkulan badane wong mau, dadi najis
tumeka suruping srengenge. Dene sapa wong
kang ngusung iku, ngumbaha sandhangane
lan adusa, sarta bakal dadi najis tumeka
suruping srengenge. [11] Karodene saben wong
kang didemek dening wong kang mangkono
iku, ora nganggo wisuh tangane dhisik, iku
iya ngumbaha sandhangane lan adusa, sarta
bakal dadi najis tumeka suruping srengenge.
[12] Wadhah grabah kang kagepok dening wong
kang mangkono iku, karemuka, nanging yen
wadhah kayu, kaisahana.

[13] Anadene wong kang ngetokake umbel mau
samangsa wus mari, nuli ngetunga pitung dina
engkas, supaya kapratelakna wus birat najise,
banjur ngumbaha sandhangane, adusa banyu
kang mili, temah dadi ora najis. [14] Bareng
wolung dinane njupuka manuk deruk loro
utawa piyik dara loro, banjur sebaa marang
ing ngarsane Pangeran Yehuwah ana ing
ngarepe lawangane Tarub Pasewakan, lan
masrahna manuk mau marang imam. [15] Iku
banjur kapisungsungna dening imam, kang
siji minangka kurban pangruwating dosa,
lan sijine minangka kurban obaran. Kaya
mangkono imam anggone nganakake pirukun
ana ing ngarsane Pangeran Yehuwah tumrap
wong mau, jalaran saka wetuning umbele.

[16] Karodene maneh manawa ana wong
lanang kang kemeton kamane, iku adusa sarta
bakal dadi najis tumeka suruping srengenge.
[17] Sadhengah sandhangan lan lulang kang

kena kama iku mau, iya kakumbaha lan bakal
dadi najis tumeka suruping srengenge.
18 Mangkono uga wong wadon manawa awor
turu karo wong lanang kang mangkono mau,
karo-karone padha adusa lan bakal dadi najis
tumeka suruping srengenge.
19 Manawa ana wong wadon kang ngetokake
barang kang ajer, mangka iku getih kang
metu saka ing kawirangane, iku anggone
jember lawase pitung dina, sing sapa nggepok
wong wadon mau, dadi najis tumeka suruping
srengenge. 20 Sadhengah apa kang dituroni
salawase jember iku, dadi najis, mangkono
uga sadhengah apa kang dilungguhi iya dadi
najis. 21 Lan sing sapa nggepok paturone wong
wadon kang kaya mangkono mau, ngumbaha
sandhangane lan adusa sarta bakal dadi najis
tumeka surupe srengenge. 22 Karomaneh
sing sapa nggepok sabarang kang mentas
dilungguhi, iku iya ngumbaha sandhangane
lan adusa, sarta bakal dadi najis tumeka
surupe srengenge. 23 Uga manawa kagepok
ing samubarang kang mentas sumeleh ing
paturone utawa sadhengah apa kang mentas
dilungguhi wong wadon mau, iya dadi najis
tumeka surupe srengenge. 24 Manawa ana
wong lanang kang awor turu karo wong wadon
mau, mangka nganti kelepetan ing jejembere,
wong iku dadi najis nganti pitung dina lawase,
lan sadhengah paturon kang dituroni iya dadi
najis.
25 Manawa ana wong wadon kang nganti
pirang-pirang dina ngetokake jer-jeran, yaiku

getih, mangka ora pinuju nggarap-sari, utawa
manawa kliwat saka adat sabene, iku ing
sajrone ngetokake jer-jeran kang najis iku,
dadia padha kaya samangsa lagi nggarap-sari,
dadi iya najis. 26 Saben paturon kang dituroni
salawase ngetokake getih, iku dadia padha
kaya kang dituroni nalika nggarap-sari, sarta
samubarang kang dilungguhi dadi najis, iya
kaya najise samangsa lagi nggarap-sari.
27 Sing sapa nggepok barang-barang iku mau,
dadi najis, mulane ngumbaha sandhangane
lan adusa sarta bakal dadi najis nganti tumeka
surupe srengenge. 28 Nanging samangsa
wus mari nggrajage, banjur ngetunga pitung
dina engkas, sawuse mangkono lagi dadi
ora najis. 29 Ing dina kang kaping wolune
njupuka manuk deruk loro utawa piyik dara
loro, padha diladekna marang imam ana
ing ngarepe lawangane Tarub Pasewakan.
30 Imam banjur misungsungake manuk kang
siji minangka kurban obaran; kaya mangkono
imam anggone nganakake pirukun ana ing
ngarsane Pangeran Yehuwah tumrap wong
mau, marga saka wetune getih kang najis
mau. 31 Kaya mangkono anggonira nyingkirake
wong Israel saka ing kanajisane, supaya aja
nganti padha mati ing sajrone kanajisane,
marga padha najisake Tarub SuciningSun kang
ana ing tengahe iku.”
32 Iku mau angger-angger tumrap wong
lanang kang nandhang lara ngetokake umbel
lan kemeton kamane, temah njalari najise,
33 sarta maneh tumrap wong wadon kang

nggarap-sari, lan tumrap saben wong kang ngetokake sadhengah apa, dadia lanang utawa wadon, apadene wong kang awor turu karo wong wadon kang mbeneri najis.

Dina Gedhe Karukunan

16:1-34

16 [1] Sawuse putrane Rama Harun kang
loro mati nalika padha nyedhak marang
ing ngarsane Sang Yehuwah, Pangeran
Yehuwah banjur ngandika marang Nabi
Musa. [2] Pangandikane Pangeran Yehuwah
marang Nabi Musa mau mangkene: "Sira
ndhawuhana marang Harun, kakangira, aja
nganti saben wektu lumebu menyang ing
pasucen ing saburine geber, ing ngarepe tutup
pangruwatan kang ana ing dhuwur pethi,
supaya aja nganti nemahi pati, awitdene
Ingsun ngatingal ana ing mega ing sadhuwure
tutup pangruwatan. [3] Harun anggone lumebu
ing pasucen iku patrape mangkene: nggawaa
pedhet siji kanggo kurban pangruwating dosa
sarta wedhus gibas lanang siji kanggo kurban
obaran, [4] kalawan manganggo kemejan lena
kang suci lan lena kanggo nutupi kawirangane,
sabukan lena lan uga nganggoa serban
lena; iku padha sandhangan suci, kang
dianggoa sawuse adus. [5] Dene pasamuwane
Israel kajalukana wedhus berok loro kanggo
kurban pangruwating dosa lan wedhus gibas
lanang siji kanggo kurban obaran. [6] Sawuse
mangkono Harun tumuli nyaosna sapi lanang

kang arep dianggo kurban pangruwating
dosa tumrap awake dhewe, kanthi patrap
mangkono anggone ngolehake pirukun tumrap
awake dhewe lan kulawargane. 7 Nuli dheweke
njupuka wedhus berok lanang loro mau
diajokna ana ing ngarsane Pangeran Yehuwah
ing ngarepe lawangane Tarub Pasewakan,
8 wedhus berok lanang loro mau banjur
kaundhia, undhi siji kagem Sang Yehuwah
lan sijine kanggo Azazel. 9 Wedhus kang
katiban undhi kagem Sang Yehuwah nuli
diajokna lan kagawea kurban pangruwating
dosa. 10 Nanging wedhus kang katiban undhi
kanggo Azazel, iku diajokna isih urip ana ing
ngarsane Pangeran Yehuwah, kagawea srana
nganakake pirukun, nuli diuculna menyang ing
pasamunan kanggo Azazel. 11 Harun tumuli
nyaosna sapi lanang kurban pangruwating
dosa kang kanggo awake dhewe lan kanggo
nganakake pirukun tumrap awake dhewe lan
kulawargane, sarta nyembeleha sapine lanang
iku; 12 banjur njupuka padupan kaisenana
mawa mengangah saka ing misbyah kang
ana ing ngarsane Pangeran Yehuwah nganti
kebak, apadene njupuka dupa racikan wangi
kang alus rong gegem digawaa lumebu
menyang ing saburine geber. 13 Dupane tumuli
ditumpangna ing geni ana ing ngarsane
Pangeran Yehuwah, nganti kukuse dupa
nglimputana tutup pangruwatan kang ana ing
dhuwure angger-anggere Gusti Allah, supaya
Harun aja nemahi pati. 14 Apamaneh Harun
njupuka getihe sapi lanang mau sathithik,

dikepyurna klawan drijine ing dhuwure tutup
pangruwatan perangan ngarep, lan anaa
sathithik kang dikepyurake klawan drijine
ing ngarepe tutup pangruwatan nganti
rambah kaping pitu. [15] Sawuse mangkono
wedhus lanang kang bakal kanggo kurban
pangruwating dosa tumrap wong akeh iku
kasembeleha, sarta getihe kagawaa menyang
ing saburine geber, lan getihe digawea
padha kaya kang wus ditindakake tumrap
getihe sapi mau, yaiku: dikepyurna ana ing
dhuwure tutup pangruwatan lan ing ngarepe.
[16] Kaya mangkono anggone nganakake
pirukun tumrap pasucen, marga saka sakehe
kanajisane wong Israel lan marga saka sakehe
panerake, apa bae dosane. Kaya mangkono iku
kang katandukakake marang Tarub Pasewakan,
kang lestari dumunung ana ing antarane lan
ing satengahe kanajisane. [17] Wong siji bae
ora kena ana ing Tarub Pasewakan, manawa
Harun lumebu arep nganakake pirukun ana ing
pasucen nganti sawetune, sawuse rampung
anggone nganakake karukunan, tumrap awake
dhewe, kulawargane lan sapasamuwane
Israel kabeh. [18] Sawuse mangkono nuli metua
maranana misbyah kang ana ing ngarsane
Pangeran Yehuwah, sarta nganakna pirukun
kanggo misbyah iku; dheweke njupuka getihe
sapi lanang lan getihe wedhus gembel mau
sathithik dileletna ing sungune misbyah
mubeng. [19] Dene getihe salong kakepyurna
ing misbyah klawan drijine nganti rambah
kaping pitu, temah misbyah iku dibirat najise

lan disucekake saka sarupane kanajisane
wong Israel. [20] Sawuse rampung anggone
nganakake pirukun tumrap ing pasucen,
Tarub Pasewakan lan misbyah, banjur wedhus
berok kang isih urip diajokna, [21] Harun banjur
numpangna tangane karo pisan ing endhase
wedhus kang isih urip iku, sarta ngakonana
sakehe kaluputane wong Israel lan sakehe
panerake, sanajan apa bae dosane; apadene
dosane diemotna ing endhase wedhus
lanang iku, wedhus iku banjur dieculna ing
pasamunan dening sawijining wong kang
wus cumawis tumrap iku. [22] Kaya mangkono
anggone wedhus lanang mau kudu ngangkat
sakehe kaluputane Israel menyang ing tanah
kang cengkar, lan wedhus iku lagi dieculna
manawa wis tekan ing pasamunan. [23] Sawuse
mangkono Harun tumuli lumebua ing Tarub
Pasewakan lan cucula sandhangan lena kang
dianggo nalika lumebu ing pasucen, padha
ditinggala ana ing kono. [24] Banjur adusa
ana ing papan kang suci, nuli nganggoa
sandhangane dhewe, sarta metua nyaosna
kurban obarane dhewe lan kurban obaran
sesaosane umat; sarana patrap mangkono
anggone nganakake pirukun kanggo awake
dhewe lan kanggo umat. [25] Gajihe kurban
pangruwating dosa iku nuli diobonga ana ing
misbyah. [26] Anadene wong kang ngeculake
wedhus kang kanggo Azazel iku, iya ngumbaha
sandhangane lan adusa, sawuse mangkono
lagi kena lumebu ing palereban. [27] Sapi lanang
lan wedhus lanang kurban pangruwating dosa,

kang getihe wus kagawa lumebu kanggo
nganakake pirukun ana ing pasucen iku,
padha kagawaa metu saka palereban, sarta
lulange, daginge lan tlethonge iku kaobonga
nganti entek. 28 Sapa kang ngobong iku kabeh,
ngumbaha sandhangane, adusa, sawuse iku
lagi kena lumebu ing palereban.
29 Iki dadia pranatan ing salawase kanggo
sira kabeh, yaiku: ing sasi kapitu tanggal
sapuluh, sira padha ngesorna awakira kanthi
puwasa, sarta aja nyambut-gawe, iya bangsa
Israel asli iya wong neneka kang manggon
ana ing satengahira. 30 Awitdene ing dina iku
kudu dianakake pirukun tumrap sira kabeh
kagawe mbirat najisira. Sira bakal padha
diresiki saka sakehe dosanira ana ing ngarsane
Pangeran Yehuwah. 31 Dina iku kaanggepa
sabat, dina ngaso babar pisan tumrap sira
lan sira padha ngesorna awakira kanthi
puwasa. Iku dadia pranatan ing salawase.
32 Dene imam kang wus dijebadi lan wus
katetepake kaimamane nggenteni bapakne,
iku nganakna pirukun; iku kudu nganggo
sandhangan lena, sandhangan kang suci,
33 sarta banjur nganakna pirukun kanggo
ing pasucen pinunjul, Tarub Pasewakan, lan
kanggo misbyah, uga kanggo para imam lan
kanggo wong sabangsa kabeh. 34 Iku dadia
pranatan ing salawase tumrap sira, supaya
setaun sepisan kaanakna karukunan kanggo
wong Israel marga saka sakehe dosane."
Imam Harun tumuli nglakoni kaya kang dadi

dhawuhe Pangeran Yehuwah lumantar Nabi
Musa mau.

Bab panggonan kanggo nyembeleh kewan lan panggonan kanggo nyaosake kurban

17:1-9

17 [1] Pangeran Yehuwah ngandika marang
Nabi Musa: [2] “Sira ndhawuhana
marang Harun lan marang anak-anake sarta
marang sakehe wong Israel, padha tuturana
mangkene: Iki dhawuh kang kaparingake
dening Pangeran Yehuwah: [3] Saben wong
turune Israel kang nyembeleh sapi, wedhus
gibas utawa wedhus berok ana ing jero
palereban utawa ing sajabane, [4] mangka
ora nganggo digawa menyang ing ngarepe
lawangane Tarub Pasewakan prelu kacaosake
minangka kurban marang Pangeran Yehuwah
ana ing ngarepe Tarube Suci Pangeran
Yehuwah, kang mangkono iku ditempuhna
marang wong mau minangka utang getih,
marga wus ngwutahake getih, wong iku
katumpesa saka ing satengahe bangsane. [5] Iku
supaya wong Israel samangsa padha nggawa
kurbane sembelehan, kang adate disaosake
ana ing ara-ara, marang Pangeran Yehuwah
ana ing lawanganing Tarub Pasewakan sarana
kapasrahake marang imam, minangka kurban
slametan konjuk marang Sang Yehuwah.
[6] Imam banjur nyiramake getihe ing misbyahe
Pangeran Yehuwah ana ing ngarepe lawangane
Tarub Pasewakan, sarta getihe diobonga

minangka ganda kang damel renaning
Pangeran Yehuwah. 7 Aja ana kang padha
sesaji kurbane maneh marang para dhemit,
marga nyembah marang dhemit iku kalebu
bedhang. Iku dadia pranatan ing salawase
kanggo wong-wong iku nganti turun-tumurun.
8 Sarta iku padha sira tuturana: Saben
turune Israel utawa panunggalane bangsa
liya kang manggon ana ing tengahe, kang
nyajekakе kurban obaran utawa kurban
sembelehan, 9 mangka ora digawa menyang
ing lawangane Tarub Pasewakan supaya
kasaosna marang Pangeran Yehuwah, wong
kang kaya mangkono iku kasirnakna saka ing
antarane bangsane."

Larangan mangan getih utawa bathang

17:10-16

10 "Sadhengah wong turune Israel lan
panunggalane bangsa liya kang manggon ana
ing tengahe, kang mangan sadhengaha getih,
iku bakal Sunlawan sarta Suntumpes saka
ing satengahe bangsane. 11 Marga nyawane
angger daging iku ana ing getihe, sarta
anggoningSun maringake getih marang sira
ana ing misbyah iku supaya dadia sarananing
pirukun tumrap nyawanira, awitdene getih iku
ngolehake pirukun sarana nyawa. 12 Mulane
Ingsun dhawuh marang wong Israel: Aja ana
wong panunggalanira kang mangan getih,
iya dalah bangsa liya kang manggon ana
ing tengahira, aja ana kang mangan getih.

[13] Saben wong Israel utawa wong liya kang
manggon ana ing tengahira, kang mbebedhag
banjur oleh beburon utawa manuk kang
kena dipangan, getihe kudu kawetokake,
banjur kaurugana lemah, [14] sabab nyawane
angger daging iku getihe, mulane wong Israel
wus padha Sundhawuhi mangkene: Sira aja
mangan getihe sadhengah daging, awitdene
nyawane angger daging iku getihe; sing sapa
mangan iku mesthi katumpes. [15] Karodene
sing sapa mangan bathang utawa sisane
kewan galak, dadia wong Israel utawa wong
liya, iku kudu ngumbah sandhangane lan
adus sarta bakal dadi najis tumeka surupe
srengenge, banjur lagi mari najise. [16] Nanging
manawa ora ngumbah sandhangane lan ora
adus, mesthi bakal nyangga kaluputane."

Bab kasucening ningkah

18:1-30

18 [1] Pangeran Yehuwah ngandika marang
Nabi Musa: [2] "Sira ndhawuhana marang
wong Israel lan padha sira tuturana: Ingsun iki
Yehuwah, Allahira. [3] Sira aja tiru-tiru tingkah
lakune wong ing tanah Mesir, kang sira enggoni
biyen; lan solah tingkahe wong ing tanah
Kanaan, kang dadi tujuane anggoningSun
ngirid lakunira; iku iya aja padha sira tiru adat
kalumrahane. [4] PranataningSun iku padha
sira lakonana lan katetepaningSun padha
sira estokna kanthi urip miturut iku kabeh;
Ingsun iki Yehuwah Allahira. [5] Poma sira padha

netepana pranatan lan katetepaningSun. Sapa
wong kang ngestokake mesthi bakal urip;
Ingsun iki Yehuwah.
6 Aja ana wong kang kumpul karo wong
kang kalebu kulit daginge kang cedhak dhewe
prelu ngungkabi kawirangane; Ingsun iki
Yehuwah. 7 Kawirangane bojone bapakira
aja sira ungkabi, iku biyungira, kawirangane
aja sira ungkabi. 8 Somahe bapakira aja
sira ungkabi kawirangane, iku wewenange
bapakira. 9 Kawirangane sadulurira wadon,
anake bapakira utawa anake biyungira aja
sira ungkabi, dadia kang laire tunggal saomah
utawa ana ing liya panggonan. 10 Anake
wadon anakira lanang utawa wadon, aja
sira ungkabi kawirangane, amarga kanthi
patrap magkono sira gawe blenthonging
turunira. 11 Anake wadon somahe bapakira,
kang patutan saka bapakira, dadine sadulurira
wadon, iku aja sira ungkabi kawirangane.
12 Sadulure wadon bapakira aja sira ungkabi
kawirangane, amarga iku kulit daginge
bapakira. 13 Sadulure wadon biyungira, aja
sira ungkabi kawirangane, awitdene iku kulit
daginge biyungira. 14 Kawirangane bojone
sadulure lanang bapakira aja sira ungkabi,
bojone aja sira kumpuli, awit iku bojone
sadulure bapakira. 15 Kawirangane mantunira
wadon aja sira ungkabi, iku somahe anakira
lanang, mulane aja sira ungkabi kawirangane.
16 Somahe sadulurira lanang aja sira ungkabi,
iku wewenange sadulurira mau. 17 Sira aja
ngungkabi kawirangane wong wadon dalah

anake wadon, iya aja sira wayuh anake wadon
saka anake lanang utawa saka anake wadon,
lan diungkabi kawirangane, iku padha kalebu
kulit dagingira, iku pratingkah kang nistha.
18 Sira aja mayuh padha sadulur kadadekake
maru, padha diungkabi kawirangane nalika
kang tuwa isih urip. 19 Sira aja ngumpuli
wong wadon kang lagi nggarap-sari, iku najis
manawa diungkabi kawirangane. 20 Sira aja
awor turu karo somahe pepadhanira, temah
dadi najis sakarone.
21 Anakira aja ana kang sira ulungake kagawe
sajen marang Molokh, supaya sira aja nganti
nyawiyah asmane Gusti Allahira; Ingsun
iki Yehuwah. 22 Sira aja padha awor turu
karo padha wong lanang apatrap kaya karo
wong wadon, iku pratingkah rusuh. 23 Sarta
maneh sira aja laku jina karo kewan, teman
ndadekake sira lan kewan iku padha najis.
Karomaneh wong wadon iya aja nganti mapan
ana ing ngarepe kewan supaya dijamaha, iku
pratingkah rusuh.
24 Poma sira aja gawe najisira dhewe, marga
saka sadhengaha pratingkah kang kaya
mangkono iku, awitdene bangsa liya kang
Suntundhung saka ing ngarepira iku wus
padha najisake awake marga saka pratingkah
mau kabeh. 25 Nagara iku wus dadi najis,
sarta Ingsun wus malesake kaluputane
iku marang bangsa-bangsa iku, satemah
nagara iku nglepeh kang padha ngenggoni.
26 Nanging sira iku padha netepana pranatan
lan katetepaningSun, sarta aja pisan-pisan

nglakoni sarupane pratingkah nistha iku,
sanadyan wong Israel kang asli dhewe
utawa bangsa liya kang manggon ana ing
satengahira, [27] -- awit wong ing nagara kono
kang ndhingini sira, iku wus padha nglakoni
sarupane pratingkah nistha mau, temah
nagara iku wus dadi najis -- [28] supaya sira
aja nganti padha dilepeh dening nagara
iku, samangsa sira ndadekake najis, kaya
anggone wus nglepeh bangsa kang ndhingini
sira. [29] Sabab sing sapa nglakoni salah
sawijining kanisthan iku, wong mangkono iku
mau kudu disirnakake saka ing satengahe
bangsane. [30] Jalaran saka iku sira padha
netepana kuwajibanira marang Ingsun, lan
aja pisan-pisan nglakoni salah sijine padatan
kang nistha iku, kang dilakoni sadurunge sira,
lan sira aja ndadekakae najise awakira marga
saka iku; Ingsun iki Yehuwah Allahira.”

Bab urip suci

19:1-37

19 [1] Pangeran Yehuwah ngandika marang
Nabi Musa: [2] “Sira ndhawuhana marang
sapepake pasamuwane wong Israel lan
tutura: Pangandikane Pangeran Yehuwah
mangkene: Sira padha disuci, awitdene Ingsun
Yehuwah Allhira iku suci. [3] Saben wong ing
satengahira duwea pakering marang biyunge
lan bapakne, sarta padha netepana dina
sabatingSun; Ingsun iki Yehuwah Allahira.
[4] Sira aja padha ngadhep marang brahala lan

aja gawe sesembahan reca cor-coran; Ingsun
iki Yehuwah Allahira. [5] Manawa sira nyaosake
kurban slametan marang Pangeran Yehuwah,
anggonira nyaosake kurban iku ndadekna
renaning Pangeran Yehuwah marang sira
kabeh. [6] Iku kapangana tunggal dina karo
anggonira nyaosake; uga kepareng ing dina
esuke, nanging sisane ing dina kaping telune
kudu diobong nganti entek. [7] Manawa uga
dipangan ing dina kaping telune, iku jember
sarta ora ndadekake renening Pangeran
Yehuwah marang wong iku. [8] Sapa kang
mangan kudu nyangga kaluputane dhewe,
marga nyawiyah kasucene sesaosan suci
marang Pangeran Yehuwah. Wong mangkono
iku kudu disirnakake saka ing satengahe
bangsane.

[9] Samangsa sira padha ngeneni pametune
buminira, iku aja sira eneni nganti entek
nganti tekan ing pinggir, lan gogrogane
panenanira iya aja sira jupuki. [10] Mangkono
uga pakebonanira anggur iya aja sira undhuhi
ambal kaping pindho, sarta wohe kang kecer
ana ing lemah aja sira kukupi, iku sira kerekna
kanggo wong miskin lan wong manca; Ingsun
iki Yehuwah Allahira. [11] Sira aja nyenyolong,
sira aja goroh sarta aja apus-ingapusan. [12] Sira
aja sumpah goroh demi asmaningSun, supaya
aja nyawiyah marang kasucening asmane
Allahira; Ingsun iki Yehuwah. [13] Sira aja
nindhes marang pepadhanira lan aja ngrebut
barang darbeke. Opahe wong nyambut gawe
dinan aja sira endheg nganti tumeka esuke.

14 Wong budheg aja sira supatani lan aja
masang watu sandhungan ana ing ngarepe
wong wuta; nanging sira wedia marang
Gusti Allahira; Ingsun iki Yehuwah. 15 Sira
aja ndhoyongake pangadilan, aja ngrewangi
wong cilik kang ora samesthine, aja ngiloni
para wong gedhe, dipatitis anggonira ngadili
marang pepadhanira. 16 Sira aja nyebar
pitenah mrana-mrene ana ing antarane
bangsanira, lan aja ngancam kaslametane
pepadhanira; Ingsun iki Yehuwah.
17 Sira aja ngendhem sengit marang
sadulurira, pepadhanira elingna klawan
ngeblak, sarta sira aja njalari dosanira dhewe
marga saka wong iku. 18 Sira aja males ala
lan aja ngigit-igit marang padha bangsanira;
malah sira tresnaa marang pepadhanira dikaya
marang awakira dhewe; Ingsun iki Yehuwah.
19 Sira netepana pranataningSun. Sira aja
njodhokake kewanira karo kang dudu jinise.
Buminira sapanggonan aja sira sebari bibit
rong rupa. Sira aja nganggo sandhangan kang
bakale rong rupa.
20 Manawa ana wong lanang kang awor turu
karo sawijining wong wadon, yaiku bature
wong lanang liya, kang ora tau ditebus lan
iya ora diwenehi layang tandhaning mardika,
panggawe mangkono iku kudu kaukum, mung
karo-karone aja nganti dipateni, marga bocah
wadon iku durung dimerdikakake. 21 Wong
lanang iku mau kudu ngaturake kurban
dhendha konjuk marang Sang Yehuwah
ana ing lawangane Tarub Pasewakan, arupa

wedhus gibas lanang kanggo kurban dhenda.
[22] Dene imam banjur nganakna pirukun
tumrap wong iku, ana ing ngarsane Pangeran
Yehuwah marga saka dosane srana wedhus
gibas lanang kurban dhendha iku, temah
dosane kang wus dilakoni mau bakal kaapura.
[23] Samangsa sira wus lumebu ing nagara iku
sarta wus nandur kitri warna-warna, wohe
kang wiwitan sajroning telung taun lawase iku
aja sira undhuhi lan aja sira pangan. [24] Dene
ing tahun kaping papate sakehe wohe padha
dadia pisungsung pamuji konjuk marang
Pangeran Yehuwah. [25] Ing taun kang kaping
limane sira lagi kalilan mangan wohe, kang
mangkono iku supaya ndadekna wuwuhe
asilira; Ingsun iki Yehuwah Allahira.
[26] Sira aja mangan sadhengah apa kang isih
ana getihe. Sira aja padha nindakake ngelmu
petungan utawa pameca. [27] Sira aja nyukur
rambuting sirahira mubeng turut pinggir lan
aja ngrusak pinggire jenggotira. [28] Sira aja
nggaret-nggareti awakira marga kepaten lan
sira aja gawe ciri-ciri ana ing badanira; Ingsun
iki Yehuwah. [29] Sira aja ngrusak kasucene
anakira wadon kanthi patrap sira dadekake
wong tuna-susila, supaya wong sanagara
aja nganti padha laku jina, temah nagara
iku kebak pratingkah kang nistha. [30] Sira
padha netepana dina-dina sabatingSun, sarta
ngajenana marang pasuceningSun; Ingsun iki
Yehuwah. [31] Sira aja padha madhep marang
rohe wong kang wus ngajal utawa rohe para
prewangan; sira aja nggoleki marang iku,

temah padha dadi najis marga saka iku kabeh;
Ingsun iki Yehuwah Allahira.
[32] Ana ing ngarepe wong uwanen sira
ngadega, lan wong kang wus tuwa sira
ajenana, sarta wedi asiha marang Allahira;
Ingsun iki Yehuwah. [33] Manawa ana wong
manca kang manggon tetunggalan karo sira
ana ing nagaranira, iku aja padha sira tindhes.
[34] Wong seje bangsa kang manggon awor
karo sira, iku ana ing antaranira dadia kaya
wong Israel asli, iku sira tresnanana kaya
dene awakira dhewe, awitdene biyen sira
iya padha dadi wong neneka ana ing tanah
Mesir; Ingsun iki Yehuwah Allahira. [35] Sira aja
laku cidra ana ing pangadilan, mangkono uga
tumrap ukuran, timbangan lan takeran. [36] Sira
padha migunakna timbangan kang bener,
watu timbangan kang bener, takeran efa kang
bener lan takeran hin kang bener; Ingsun
iki Yehuwah Allahira kang wus ngentasake
sira saka ing tanah Mesir. [37] Kaya mangkono
anggonira kudu padha gondhelan marang
sakehe pranataningSun lan katetepaningSun,
sarta padha nindakna iku kabeh; Ingsun iki
Yehuwah."

Bab kasucening umate Pangeran Yehuwah

20:1-27

20 [1] Pangeran Yehuwah ngandika marang
Nabi Musa: [2] "Wong Israel padha sira
dhawuhana: Saben wong panunggalane
Israel utawa bangsa liya kang manggon ana

ing antarane Israel, kang ngulungake salah
sijine anake marang Molokh, iku kaaukuma
pati, dibenturana watu dening para umat.
3 Ingsun piyambak bakal nglawan wong kang
kaya mangkono iku, Sunsirnakake saka ing
satengahing bangsa, marga ngulungake anake
salah siji marang Molokh, dadine najisake
pasuceningSun, sarta nyawiyah asmaningSun
kang suci. 4 Dene manawa rakyat ing nagara
ethok-ethok ora weruh marang wong iku nalika
ngulungake salah sijine anake marang Molokh,
lan ora aweh paukuman pati marang wong iku,
5 ing kono Ingsun piyambak bakal nglawan
wong kang kaya mangkono iku lan uga marang
kulawargane, sarta wong iku bakal Suntumpes
saka ing antarane bangsane, dalah sakehe
wong kang padha melu bebedhangan kalawan
nyembah marang Molokh iku. 6 Wong kang
madhep marang rohe wong kang wus ngajal
utawa marang rohe para juru pameca, yaiku
kang bebedhangan sarana tetakon marang
roh-roh mau, Ingsun piyambak bakal nglawan
marang wong kang kaya mangkono iku sarta
Sunsirnakake saka ing tengahe bangsane.
7 Mulane sira kudu padha nucekake awakira,
supaya padha dadi suci, awitdene Ingsun iki
Yehuwah Allahira.

8 Sarta sira padha nggatekna lan padha
nindakna pranataningSun; Ingsun iki Yehuwah
kang nucekake sira. 9 Manawa ana wong
ngipat-ipati bapakne utawa biyunge, iku
kaukuma pati; marga wus ngipat-ipati
bapakne utawa biyunge, getihe ngenanana

awake dhewe. [10] Manawa ana wong lanang
kang bedhangan somahing liyan, dadi laku
bedhang karo somahe pepadhane, iku
loro-lorone padha kaukuma pati; iya wonge
lanang iya wonge wadon kang dibedhang iku.
[11] Manawa ana wong kang nunggal turu karo
somahe bapakne, dadi ngungkapi kawirangane
bapakne, sakaro-karone padha kaukuma
pati; getihe tumempuh marang wong-wong
iku dhewe. [12] Mangkono uga manawa ana
wong lanang kang nunggal turu karo mantune
wadon, sakarone padha kaukuma pati; dene
padha nglakoni pratingkah kang rusuh; getihe
tumempuh marang wong-wong iku dhewe.
[13] Mangkono uga manawa wong lanang
nunggal turu karo padha wong lanang patrape
kaya karo wong wadon, dadi padha nglakoni
pratingkah kang rusuh, iku sakaro-karone
padha kaukuma pati; getihe tumempuh
marang wong-wong iku dhewe. [14] Manawa
ana wong lanang rabi loro, anak wadon lan
biyunge, iku pratingkah rusuh lan nistha.
Wong iku dalah somahe karo pisan diobonga,
supaya aja ana pratingkah rusuh lan nistha
ana ing tengahira. [15] Karomaneh manawa
ana wong lanang kang nunggal turu karo
sadhengaha kewan, iku kaukuma pati, dalah
kewane iya kapatenana uga. [16] Mangkono uga
manawa ana wong wadon kang ngumpuli
sadhengah kewan supaya dijamaha, wong
wadon iku dalah kewane padha sira patenana;
loro-lorone kudu kaukum pati; getihe
tumempuh marang sakarone. [17] Manawa

ana wong lanang kang ngrabeni sadulure
wadon, anake bapakne utawa biyunge,
dadi kang lanang weruh kawirangane kang
wadon, lan kang wadon weuh kawirangane
kang lanang, iku pratingkah rusuh lan
nistha, wonge padha katumpesa ana ing
ngarepe bangsane, awitdene wus ngungkabi
kawirangane sadulure wadon. 18 Manawa ana
wong lanang kang awor turu karo wong wadon
sajrone isih nggarap-sari, dadi ngungkabi
kawirangane lan mbukak tutupe, sarta
kang wadon iya ngolehake tutuping getihe
kabukak, iku karo-karone padha kasirnakna
saka ing tengahe bangsane. 19 Sarta maneh
sira aja ngungkabi kawirangane sadulure
biyungira utawa sadulure wadon bapakira;
marga kang diungkapi iku kawirangane
kulit dagingira dhewe, sakarone kudu padha
nyangga kaluputane dhewe. 20 Manawa ana
wong lanang kang nunggal turu karo somahe
sadulure bapakne, iku dadi nyahak wewenange
sadulure bapakne, sakarone padha njalari
dosane dhewe, lan bakal padha mati tanpa
anak. 21 Karodene manawa ana wong lanang
ngepek somahe sadulure, iku pratingkah kang
nistha, awit nyahak wewenange sadulure
lanang, mesthi bakal padha ora duwe anak.

22 Kang iku sira padha nggatekna sakehe
pranataningSun lan sakehe katetepaningSun,
sarta iku padha sira estokna, supaya tanah
kang dadi tujuane anggoningSun ngirid
lakunira kang supaya sira enggoni iku, aja
nganti nglepeh marang sira. 23 Lakunira aja

manut adat tata-carane bangsa kang bakal
padha Suntundhung saka ing ngarepanira;
marga iku wus padha nglakoni kang kaya
mangkono iku mau, temah padha Sunemohi.
24 Nanging dhawuhingSun marang sira: Sira
kang bakal padha ngebeki tanahe bangsa iku,
sarta Ingsun kang bakal maringake marang
sira dadi darbekira, tanah kang luber puwan
lan madu; Ingsun iki Yehuwah Allahira, kang
misahake sira saka para bangsa. 25 Sira padha
mbedakna kewan kang kalal lan kang karam,
apadene manuk kang karam lan kang kalal,
supaya awakira aja nganti sira najisake, marga
saka kewan kang sikil papat lan manuk, sarta
sadhengah kang rumangkang nlosor utawa
gumremet ana ing bumi, kang wus padha
Sunpisahake supaya sira karamake. 26 Sira
padha dadia suci suamos marang Ingsun,
awitdene Ingsun Yehuwah iku suci, lan sira
wus padha Sunpisahake saka para bangsa,
supaya dadia kagunganingSun.

27 Karodene manawa ana wong lanang utawa
wong wadon kang kapanjingan rohe wong mati
utawa roh prewangan, iku padha kaukuma
pati, padha kabenturana watu, lan getihe
tumempuh marang wong-wong iku dhewe."

Sucine para imam

21:1-24

21 1 Pangeran Yehuwah ngandika marang
Nabi Musa: "Sira ndhawuhana marang
para imam anake Harun, padha sira tuturana:

Kang jeneng imam iku aja nganti najisake
awake, marga saka wong mati ing antarane
bangsane. [2] Kajaba manawa kang mati isih
kulit daginge dhewe kang cedhak, kayata:
biyunge, bapakne, anake lanang utawa
wadon, sadulure lanang, [3] sadulure wadon
kang isih prawan lan cedhak, marga durung
duwe sisihan, tumrap wong iku dheweke kena
najisake awake. [4] Sarehna wis bebojoan aja
najisake awake ana ing antarane bangsane,
awit kanthi mangkono dadine nyawiyah
marang kasucene.
[5] Para imam aja gawe buthaking sirahe
lan aja nyukur pinggirirng jenggote, lan aja
nggaret-nggareti kuliting awake. [6] Padha dadi
suci sumaos marang ing Allahe lan aja nganti
nerak kasucening asmane Allahe, awitdene
para imam iku kudu nyaosake kurban genenan
marang Pangeran Yehuwah, iya dhaharane
Allahe, mulane kudu padha suci. [7] Anggone
golek sisihan aja wong wadon tuna-susila,
utawa wong wadon kang wus tau dijamah,
lan iya aja wong wadon kang wus katundhung
dening somahe, marga imam iku suci tumrap
Allahe. [8] Kang iku kaanggepa suci, awit iku
kang nyaosake dhaharane Allahira; kudu sira
anggep suci, marga Ingsun Yehuwah kang
nucekake sira iku suci. [9] Dene manawa anake
wadon salah sawijining imam nglirwakake
kasucene kang dirusak kanthi patrap dadi
wanita tuna-susila, iku nerak kasucene
bapakne, poma wong iku kaobonga.

[10] Anadene kang dadi imam agung ana ing
antarane para sadulure, kang wus kaesokan
lenga jebad sirahe lan wus katetepake kalawan
dianggoni sakehe sandhangane suci, iku
aja nganti ngore rambute lan aja nyuwek
sandhangane. [11] Poma, aja nyedhaki sakehing
jisim, sanajan iku bapakne utawa biyunge,
iya aja nganti najisake awak. [12] Karodene aja
metu saka ing pasucen, supaya aja nganti
nerak marang kasucene pasucene Allahe,
marga saka lenga jebading Allahe kang
ana ing sirahe, kang minangka pratandha
anggone wus sinengker; Ingsun iki Yehuwah.
[13] Anggone rabi goleka wong wadon kang
isih prawan. [14] Aja golek randha utawa wong
wadon kang wus dipegat, kang wus dijamah
utawa wong wadon tuna-susila, iku aja diepek,
nanging kang diepek kudu prawan saka
ing antarane bangsane, [15] supaya aja nerak
kasucene turune ana ing antarane bangsane,
awitdene Ingsun iki Yehuwah kang nucekake
dheweke."
[16] Pangeran Yehuwah ngandika marang
Nabi Musa: [17] "Sira dhawuha marang Harun
mangkene: Mungguh anak putunira turun-
tumurun kang cacad badane, iku aja ana kang
seba nyaosake dhaharaning Allah, [18] awitdene
sadhengaha wong kang cacad badane iku
ora kena seba, yaiku: wong wuta, wong
pincang, wong kang cacad raine, utawa wong
kang peranganing awake kedawan, [19] wong
kang tugel sikile utawa tangane, [20] wong
kang bucu, utawa kang cebol, kang mripate

mlethis, kang gudhigen utawa kadhasen sarta
kang kawirangane cacad. 21 Saben wong
turune Imam Harun, kang cacad badane,
aja nganti ana kang seba nyaosake kurban
genenan marang Pangeran Yehuwah; marga
ana cacade, mulane aja seba nyaosake
dhaharane Allahe. 22 Bab dhaharane Allahe,
dadia sesaosan kang suci pinunjul utawa
sesaosan kang suci, iku kalilan dipangan.
23 Mung aja nyedhaki geber lan aja marani
misbyah, marga cacad badane, supaya aja
nganti nerak marang kasucening papaningSun
kang suci, awitdene Ingsun iki Yehuwah kang
nucekake iku.” 24 Kaya mangkono Nabi Musa
anggone nglantarake dhawuh iku marang
Imam Harun, marang para putrane lan marang
sakehe wong Israel.

Bab kasucening pangibadah

22:1-33

22 1 Pangeran Yehuwah banjur ngandika
marang Nabi Musa: 2 “Sira dhawuha
marang Harun lan para anake, supaya padha
ngati-ati tumrap sesaosan-sesaosan suci kang
padha disengker wong Israel kagem marang
Ingsun, supaya aja nganti padha nerak marang
kasucening asmaningSun kang suci; Ingsun iki
Yehuwah. 3 Padha sira tuturana: Saben wong
panunggalanira turun-tumurun, yaiku saka ing
antarane sakehe turunira, kang seba nyaosake
pisungsung kang disengker dening wong Israel
kagem marang Yehuwah, mangka lagi mbeneri

najis, wong kang mangkono iku katumpesa
saka ing ngarsaningSun; Ingsun iki Yehuwah.
4 Panunggalane turune Harun kang nandhang
memala saraat, utawa kang ngetokake
umbel, iku poma aja mangan pisungsung
sengkeran iku, sadurunge mari najise.
Mangkono uga kang nggepok sadhengah kang
najis marga saka jisim utawa kang mentas
kemeton manine, 5 utawa sapa kang nggepok
sadhengah kewan rumangkang nlosor utawa
gumremet kang ndadekake najise, utawa
salah sawijining wong kang najisake, marga
saka kanajisan apa bae, dheweke dadi najis,
6 sapa kang nggepok salah sijine iku mau,
bakal dadi najis tumeka suruping srengenge
lan ora kena mangan pisungsung sengkeran
iku, sadurunge adus. 7 Manawa wus surup
srengenge, lagi mari najise; sawuse mangkono
nuli kena mangan pisungsung sengkeran
iku, marga iku kang dadi pepancening
pangane. 8 Bathang lan sisane kewan galak,
aja dipangan, supaya aja ndadekake najise
marga saka kang mangkono iku; Ingsun iki
Yehuwah. 9 Kang iku para imam kudu padha
netepi apa kang dadi kawajibane marang
Ingsun, supaya aja nganti padha nandhang
dosa marga saka iku, temah padha mati, awit
ngremehake kasucening kuwajibane; Ingsun
iki Yehuwah kang nucekake. 10 Umum aja
mangan pisungsung sengkeran, mangkono
uga wong neneka kang mondhok ana ing
panggonane imam lan wong buruh. 11 Nanging
manawa ana wong kang wus dituku dening

imam sarana dhuwite banjur dadi bature
tukon, iku kalilan padha melu mangan,
mangkono uga kang padha lair ana ing omahe.
12 Manawa anake wadon imam sesomahan
karo wong umum, iku aja melu mangan
pisungsung-mligi saka sabarang pisungsung
sengkeran. 13 Nanging manawa anake wadon
iku wus randha utawa pegat lan ora duwe anak
sarta wus mulih menyang ing omahe bapakne
kaya nalika isih prawan, iku kalilan melu
mangan pangane bapakne; balik wong umum
aja ana kang melu mangan iku. 14 Saupama
ana wong kang mangan pisungsung suci tanpa
kajarag, iku nglironana marang imam nganggo
diimbuhi sapralimane. 15 Para imam aja
nganti nyawiyah pisungsunge sengkeran wong
Israel kang padha dipisungsungake marang
Yehuwah, 16 marga tindak kaya mangkono iku
nekakae kaluputan marang wong Israel kang
kudu katebus, yen ngantia padha mangan
pisungsunge kang suci iku mau; awitdene
Ingsun iki Yehuwah kang nucekake.”
17 Pangeran Yehuwah ngandika marang Nabi
Musa: 18 “Sira ndhawuhana marang Harun
lan anak-anake sarta sakehe wong Israel, iku
padha sira tuturana: Sapa bae ing antarane
umat Israel lan para wong kang mondhok ana
ing Israel, samangsa nyaosake pisungsunge,
dadia kang arupa pisungsung punagi utawa
pisungsung manasuka, kang arep disaosake
marang Pangeran Yehuwah minangka kurban
obaran, 19 supaya ndadekake keparenge Sang
Yehuwah, pisungsung iku kudu tanpa cacad,

iku kudu sapi kang lanang tanpa cacad, wedhus
gibas utawa wedhus berok. [20] Apa kang ana
cacade aja sira pisungsungake, awitdene iku
ora ndadekake keparenge Pangeran Yehuwah.
[21] Karodene samangsa ana wong nyaosake
kurban slametan marang Pangeran Yehuwah
arupa sapi utawa wedhus kanggo ngluwari
punagi kang mligi utawa minangka pisungsung
manasuka, iku kudu kang tanpa cacad, supaya
ndadekake keparenge Pangeran Yehuwah,
awake aja ana cacade sathithik-thithika.
[22] Kewan kang picak utawa kang tugel
balunge, kang tatu utawa kang wudunen, kang
korengen utawa gudhigen, iku aja sira saosake
marang Pangeran Yehuwah; kewan kang kaya
mangkono iku aja sira ladekake dadi kurban
genenan ana ing misbyah konjuk marang
Pangeran Yehuwah. [23] Nanging sapi utawa
wedhus kang kedawan utawa kecendheken
gegelitaning badane, iku kena sira saosake
kanggo kurban manasuka, nanging manawa
kanggo kurban punagi, Pangeran Yehuwah
mesthi ora rena marang sira. [24] Kewan kang
dikebiri srana diremuk, digecak, diremed
utawa dikethok, aja sira saosake marang
Pangeran Yehuwah. Sira aja nindakake
mangkono ana ing nagaranira, [25] lan saka
tangane bangsa liya sira iya aja padha
nyaosake sadhengah iku mau, minangka
dhaharane Allahira, marga iku kabeh wus
padha rusak lan cacad; Pangeran Yehuwah ora
bakal rena marang sira marga saka sesaosan
iku.”

26 Pangeran Yehuwah ngandika marang Nabi
Musa: 27 “Manawa ana pedhet utawa cempe
gibas sarta cempe wedhus berok lair, iku
awora karo embokne pitung dina lawase,
nanging wiwit dina kang kaping wolune lan
sabanjure manawa kagawe kurban genenan
kagem Pangeran Yehuwah, iku ndadekake
keparenge.
28 Sapi utawa wedhus berok utawa wedhus
gembel iku aja sira sembeleh bebarengan
tunggal dina karo anake. 29 Karodene
samangsa sira nyaosake kurban pamuji
sokur konjuk marang Pangeran Yehuwah, iku
anggonira nyembeleh dinganti ndadekake
keparenge Pangeran Yehuwah. 30 Poma kurban
iku dipangana ing dina iku uga; aja ana kang
sira ngengehake tumeka esuke; Ingsun iki
Yehuwah.
31 Kang iku sira padha nggatekna ing
pepakoningSun lan padha sira lakonana;
Ingsun iki Yehuwah. 32 Sira aja padha nerak
marang kasucening asmaningSun kang
suci, supaya Ingsun kasucekake ana ing
satengahe wong Israel; Ingsun iki Yehuwah
kang nucekake sira kabeh, 33 iya kang wus
ngentasake sira saka ing tanah Mesir, supaya
Ingsun dadia Allahira; Ingsun iki Yehuwah.”

Bab dina-dina riaya

23:1-44

23 1 Pangeran Yehuwah tumuli ngandika
marang Nabi Musa: 2 “Sira dhawuha

marang wong Israel lan tutura: Mungguh
dina gedhe kang katetepake dening Pangeran
Yehuwah kang kudu sira undhangake dadi
dina-dina masamuwan suci, iya dina-dina
gedhe kang Suntetepake, iku pratelane
mangkene: 3 Nem dina wong padha nyambuta
gawe, nanging dina kapitu iku sabat, dina
kanggo ngaso babar pisan, yaiku dina
masamuwan suci; sira aja padha nglakoni
pagawean apa-apa; iku sabat kagem Sang
Yehuwah ana ing sakehe papan panggonanira.
4 Iki dina-dina gedhe kang ditetepake dening
Pangeran Yehuwah dina masamuwan suci,
kang siji-sijine kudu sira undhangake ing kala
mangsane. 5 Ing sasi kapisan tanggal ping pat
belas ing sasi iku, ing wayah sore iku Paskah
kagem Sang Yehuwah. 6 Ing sasi iku tanggal
ping limalas iku dadi riyayane roti tanpa
ragi sumaos marang Sang Yehuwah; pitung
dina lawase sira padha mangana roti tanpa
ragi. 7 Ing dinane kang kapisan sira padha
nganakna parepatan suci, sira aja nglakoni
pagawean kang abot. 8 Pitung dina lawase
sira padha nyaosna kurban genenan marang
Pangeran Yehuwah; ing dinane kang kapitu
iya nganakna parepatan suci, sira aja padha
nglakoni pagawean kang abot."
9 Pangeran Yehuwah ngandika marang
Nabi Musa: 10 "Sira ndhawuhana marang
wong Israel lan tutura: Samangsa sira wus
lumebu ing tanah kang bakal Sunparingake
marang sira, saben bubar panen, wiwitaning
panenanira sabentel sira ladekna marang

imam, 11 bentelan iku banjur digoyangake
dening imam ana ing ngarsane Sang Yehuwah,
supaya Sang Yehuwah rena marang sira.
Anggone nggoyangake ing dina sawuse
sabat. 12 Karodene ing dinane anggonira
nggoyangake bentelan iku, sira nyawisna
wedhus gembel siji kang tanpa cacad umur
setaun; kanggo kurban obaran kobjuk
marang Pangeran Yehuwah, 13 karo kurbane
dhaharan arupa glepung gandum pilihan rong
prasepuluh efa diwori lenga, minangka kurban
genenan, iku ganda kang gawe rena, sarta
kurbane unjukan arupa anggur saprapat hin.
14 Nganti tumeka ing dina iku sira aja padha
mangan roti, gandum gorengan sangan utawa
gandum anyar, nganti tumeka anggonira wus
padha nyaosake kurbane Allahira mau; iku
pranatan kang kanggo ing salawase tumrap
sira turun-tumurun ana ing sakehe papan
panggonanira.
15 Esuke sawuse dina sabat iku, iya iku
dinane anggonira padha ngladekake bentelan
pisungsung goyangan mau, sira padha
ngetunga pitung minggu wutuh; 16 sira
ngetunga nganti tumeka ing dina sawuse
sabat kang kaping pitune, iku seket dina, nuli
sira padha nyaosna kurban dhaharan anyar
konjuk marang Sang Yehuwah. 17 Sira padha
ngladekna roti kanggo pisungsung goyangan
rong iji, saka ing omahira, kang digawe
glepung pilihan rong prasepuluh efa, anggone
mbakar sawuse dicampuri ragi, iku minangka
pisungsung kawitan konjuk marang Pangeran

Yehuwah. 18 Roti mau sira kanthenana wedhus
gembel pitu kang umur setaun kang tanpa
cacad lan sapi lanang siji kang enom sarta
wedhus gembel lanang loro, kabeh mau
kagawea kurban obaran konjuk marang Sang
Yehuwah, karo kurban dhaharan lan kurban
unjukan, dadi kurban genenan kang gandane
gawe renane Sang Yehuwah. 19 Sawuse
iku sira nyaosna wedhus berok lanang siji
minangka kurban pangruwating dosa, lan
wedhus gembel loro kang umur setaun kanggo
kurban slametan. 20 Iku banjur digoyangna
dening imam bareng karo rotine pisungsung
kawitaning panenan lan wedhuse gembel loro
mau ana ing ngarsane Pangeran Yehuwah, dadi
pisungsung suci sumaos marang Pangeran
Yehuwah lan minangka bageane imam. 21 Ing
dina iku uga sira ngumumna yen iku dina
gedhe lan nganakna kumpulan suci, sira
aja padha nglakoni pagawean kang abot;
iku pranatan kanggo ing salawase ana ing
sakehe papan panggonanira turun-tumurun.
22 Samangsa sira padha ngeneni pametune
buminira, aja sira entekake nganti tekan
ing pinggire palemahanira, lan kekarene
panenanira aja sira asagi, iku katinggala
kanggo wong miskin lan wong neneka; Ingsun
iki Yehuwah, Allahira."

23 Pangeran Yehuwah ngandika marang
Nabi Musa: 24 "Sira ndhawuhana wong Israel
mangkene: Ing sasi kapitu tanggal sapisan ing
sasi iku, iku sira dadekna dina pangasoan, dina
pangeling-eling kanthi swaraning kalasangka

yaiku dina kumpulan suci. 25 Sira aja padha
nglakoni pagawean kang abot lan sira padha
nyaosna kurban genenan marang Pangeran
Yehuwah."
26 Pangeran Yehuwah ngandika maneh
marang Nabi Musa: 27 "Nanging tanggal kaping
sepuluh ing sasi kang kapitu iku dadia dina
pirukun; sira padha nganakna kumpulan
suci, lan padha ngesorna awakira kalawan
puwasa sarta padha nyaosna kurban genenan
marang Pangeran Yehuwah. 28 Ing dina iku
sira aja padha nyambut gawe; awitdene iku
dina pirukun kanggo nganakake pirukun
tumrap sira ana ing ngarsane Pangeran
Yehuwah Allahira. 29 Awitdene saben wong
kang ora ngesorake awake kalawan puwasa
ing dina iku, iku kudu kasirnakake saka ing
antarane bangsane. 30 Mangkono uga saben
wong kang nindakake pagawean apa-apa ing
dina iku, wong iku bakal Sunsirnakake saka
ing satengahe bangsane. 31 Sira aja padha
nindakake pagawean; iku pranatan kanggo ing
salawase tumrap sira turun-tumurun, ana ing
ngendi bae padununganira. 32 Iku kadadekna
sawijining sabat, dina ngaso babar pisan sarta
sira ngesorna awakira kalawan puwasa. Wiwit
saka malem tanggal sanga sasi iku, ing wayah
suruping srengenge tumeka wayah suruping
srengenge, sira padha ngriyayakna sabatira."
33 Pangeran Yehuwah ngandika marang
Nabi Musa: 34 "Sira ndhawuhana marang
wong Israel, mangkene: Ing sasi kapitu mau
tanggale ping limalas, iku dina riyaya tarub

kagem Pangeran Yehuwah lawase pitung dina.
35 Ing dinane kang kapisan sira nganakna
kumpulan suci, sira aja padha nglakoni
pagawean kang abot. 36 Pitung dina lawase
sira padha nyaosna kurban genenan marang
Sang Yehuwah lan ing dina kang kawolu sira
padha nganakna kumpulan suci sarta nyaosna
kurban genenan marang Pangeran Yehuwah.
Iku dina gedhe kumpulan, ing dina iku sira aja
nglakoni pagawean kang abot.

37 Iku mau dina-dina riyaya kang ditetepake
dening Pangeran Yehuwah kang kudu padha
sira undhangake dadi dina kumpulan suci,
sarta sira padha nyaosna kurban genenan
marang Sang Yehuwah, yaiku kurban obaran
lan kurban dhaharan, kurban sembelehan
lan kurban unjukan, saben dina kehe
miturut kang wus ditetepake kanggo ing
dina iku. 38 Iku mau kabeh durung kalebu
dina-dina Sabate Pangeran Yehuwah, lan
pisungsung-pisungsungira apadene sakehe
kurban punaginira, kurbanira manasuka kang
arep sira saosake marang Pangeran Yehuwah.

39 Nanging ing sasi kapitu tanggale ping
limalas, ing waktu nglumpukake pametune
buminira, ing kono sira padha nganakna
pahargyan sumaos marang Pangeran Yehuwah
pitung dina lawase; dinane kapisan iku dina
ngaso babar pisan, mangkono uga dinane
kawolu, iku uga dina ngaso babar pisan.
40 Ing dinane kapisan sira goleka woh-wohan
kang becik-becik, papah-papah kurma,
apadene carang-carange wit-witan kang

ngrembuyung sarta wit gandarasa lan padha bungah-bungaha ana ing ngarsane Pangeran Yehuwah, Allahira, pitung dina lawase. [41] Sira padha ngriyayakna iku minangka pahargyan sumaos marang Pangeran Yehuwah, saben taun pitung dina lawase. Iku pranatan kanggo ing salawase tumrap sira turun-tumurun. Iku sira riyayakna ing sasi kang kapitu. [42] Pitung dina lawase sira padha manggona ing rerekan tarub, saben wong Israel asli padha manggona ing pepethan tarub iku, [43] supaya turunira padha sumurup, yen wong Israel iku padha Sunpanggonake ana ing tarub-tarub, nalika wus padha Sunentasake saka ing tanah Mesir; Ingsun iki Yehuwah Allahira.” [44] Kaya mangkono dhawuhe Pangeran Yehuwah bab dina-dina gedhe kang katetepake dening Pangeran Yehuwah, kang kaundhangake dening Nabi Musa marang wong Israel.

Bab padamaran lan bab roti sesaosan

24:1-9

24 [1] Pangeran Yehuwah ngandika marang Nabi Musa: [2] “Wong Israel padha sira prentahana supaya padha ngladekna lenga jaitun dheplokan kang tulen marang sira kanggo padamaran, supaya damare kena dipasang lan tansah murub. [3] Harun kudu tansah njaga damar-damar iku ana ing sangarepe geber kang ngaling-alingi papan angger-anggering Allah ing jero Tarub Pasewakan, wiwit wayah sore tumeka esuke,

ana ing ngarsane Pangeran Yehuwah. Iku
pranatan kang kanggo ing salawase tumrap
sira turun-tumurun. [4] Padamaran mas murni
iku damar-damare kudu tansah dijaga ana ing
ngarsane Sang Yehuwah.
[5] Karomaneh sira njupuka glepung gandum
pilihan lan kagawea roti bunder rolas iji.
Roti siji rong prasepuluh efa. [6] Iku banjur
katataa ana ing meja mas murni ing ngarsane
Pangeran Yehuwah dadi rong tumpuk,
dadi satumpuke nem iji. [7] Saben satumpuk
dokokana menyan kang tulen; menyan iku
dadia pangenget-enget tumrap ing roti mau,
yaiku kurban genenan kang kasaosake marang
Pangeran Yehuwah. [8] Saben dina Sabat roti iku
tansah ajega ditata ana ing ngarsane Sang
Yehuwah, iku tumrap Israel dadi kuwajiban
prajanjian kanggo ing salawase. [9] Dene roti
iku dadia bageane Harun lan para anake,
sarta padha dipangana ana ing panggonan
kang suci; awitdene iku panduman kang
suci pinunjul, saka kurban genenan kang
kasaosake marang Pangeran Yehuwah, iku
dadia tatanan kang kanggo ing salawase."

Paukumane wong kang ngipat-ipati marang asmane Pangeran Yehuwah

24:10-23

[10] Kacarita ing sawijining dina ana wong
lanang, embokne wong Israel, bapakne wong
Mesir kang nekani tarub palerebane wong
Israel. Wong mau banjur kerengan karo wong

Israel ana ing palereban. [11] Anake wong wadon
Israel iku tumuli ngala-ala lan ngipat-ipati
asmane Pangeran Yehuwah; tumuli disebakake
marang ing ngarsane Nabi Musa. Embokne
wong iku jenenge Selomit anake Dibri saka
taler Dhan. [12] Wonge banjur ditahan karo
ngenteni karampungane kang cundhuk karo
pangandikane Pangeran Yehuwah. [13] Pangeran
Yehuwah banjur ngandika marang Nabi Musa:
[14] "Wong kang wus ngucapake ipat-ipat
iku gawanen metu saka ing palereban lan
sakehe wong kang krungu padha numpangna
tangane ana ing sirahe, sawuse mangkono
wong iku dibenturana watu dening wong
sapasamuwan. [15] Karodene wong Israel
padha sira dhawuhana mangkene: Sing sapa
ngipat-ipati marang Gusti Allah, iku kudu
nanggung kaluputane dhewe. [16] Sing sapa
ngala-ala marang asmane Pangeran Yehuwah,
iku kaukuma pati, dibenturana watu dening
wong sapasamuwan. Dadia iku wong Israel asli
utawa bangsa liya, manawa ngala-ala marang
asmane Pangeran Yehuwah, iku kaukuma
pati. [17] Mangkono maneh manawa ana wong
kang mateni sadhengah wong, iku poma
kaukuma pati. [18] Nanging sing sapa mateni
sadhengah raja-kaya, kudu ngijoli, siji padha
siji. [19] Mangkono uga manawa ana wong gawe
cacad sapadha-padha, iku kawalesa miturut
kang dadi panggawene mau; [20] tugel diwales
tugel, mripat diwales mripat, untu diwales
untu; kaya dene anggone gawe cacading liyan,
dheweke iya kagawea mangkono. [21] Sing

sapa mateni raja-kaya, iku kudu nglironi,
nanging sing sapa mateni wong, iku kaukuma
pati. 22 Mung ana pranatan siji kanggo sira,
dadia wong manca utawa wong Israel asli,
marga Ingsun iki Yehuwah, Allahira.” 23 Kaya
mangkono pangandika kang didhawuhake
dening Nabi Musa marang wong Israel; wong
kang ngucapake ipat-ipat mau tumuli digawa
metu saka ing palereban, sarta dibenturi watu.
Dadine wong Israel padha nindakake apa
kang didhawuhake dening Pangeran Yehuwah
marang Nabi Musa.

Bab Taun Sabat lan Taun Yobel

25:1-22

25 1 Pangeran Yehuwah ngandika marang
Nabi Musa ana ing gunung Sinai:
2 “Wong Israel padha sira kandhanana lan
padha tuturana mangkene: Besuk samangsa
sira wus padha lumebu ing nagara kang bakal
Sunparingake marang sira, tanah iku kudu
diasokake, minangka sabat sumaos marang
Pangeran Yehuwah. 3 Sajroning nem taun
lawase sira nyebarana buminira, lan sajroning
nem taun sira ngethokana pucuke tanduranira
anggur, sarta ngundhuhana pametune tanah
iku, 4 nanging taune kang kapitu, iku sabat
tumrap tanah iku, wayah ngaso babar pisan,
iya sabat sumaos marang Pangeran Yehuwah;
buminira aja sira sebari lan tanduranira anggur
aja sira kethoki pucuke. 5 Sarta apa bae kang
thukul dhewe saka buminira iku, aja sira eneni

lan wohe tanduranira wit anggur kang ora sira
tutuhi iku, aja sira undhuhi. Taun iku dadia
taun pangasoan babar pisan tumrap tanah
iku. 6 Pametune tanah sajrone sabat iku padha
sira pangana, iya sira, iya baturira lanang lan
wadon lan buruhira apadene wong liya bangsa
kang padha manggon awor karo sira. 7 Iya
kanggo raja-kayanira lan sato-kewan alasan
kang ana ing tanahira, sapametune kabeh iku
dadia pakane.
8 Sira banjur ngetunga pitung taun sabat,
yaiku pitung taun ping pitu, dadi pitung
pendhak taun sabat mau padha karo patang
puluh sanga taun. 9 Sawuse mangkono nuli
ing sasi kapitu tanggal ping sapuluh, ing
dina riyaya pirukun, sira ndlajahana ing
satanahira kabeh karo ngunekna kalasangka.
10 Taune kang kaping seket iku sira sucekna,
lan ngundhangna kamardikan marang wong
saisine nagara kabeh; taun iku padha kagawea
Taun Yobel, saben wong panunggalanira
padha balia menyang palemahane kang dadi
darbeke lan kulawargane. 11 Taun kang kaping
seket iku padha sira dadekna Taun Yobel,
sira aja padha nyebar wiji, lan apa kang
bakal thukul dhewe, aja sira eneni, sarta aja
padha ngundhuhi wohe wit anggur kang ora
kokkethoki pucuke. 12 Awitdene iku Taun Yobel
iku suci tumrap sira; kang dadi panganira apa
kang sira undhuh saka ing pategalanira. 13 Ing
Taun Yobel iku saben wong panunggalanira
ngulihana kang dadi ebeke.

14 Manawa sira ngedol sadhengah apa
marang pepadhanira, utawa tuku apa bae
saka pepadhanira, aja ana kang gawe
kapitunan. 15 Manawa tuku saka pepadhanira
iku mituruta cacahing taun, sawuse Taun
Yobel, lan pepadhanira anggone ngedol
marang sira mituruta cacahing taun panen.
16 Saya akeh cacahing taun, saya larang
regane, saya sathithik taune, saya murah
regane; awitdene kang diedol marang sira
iku cacahing panen. 17 Dadi aja ana kang
gawe pitunane pepadhane, nanging sira wedia
marang Allahira; awitdene Ingsun iki Yehuwah,
Allahira.
18 Kaya mangkono anggonira kudu nglakoni
katetepaningSun lan tansah padha gondhelan
marang pranataningSun, temah sira bakal
padha manggon ing kana kanthi ayem lan
tentrem. 19 Tanah iku bakal metokake wohe,
lan sira padha mangan nganti wareg, lan
pamanggonira ana ing kono bakal kanthi ayem
lan tentrem. 20 Saupama sira padha takon:
Apa kang bakal padha dakpangan ing taun
kang kapitu iku? Aku rak padha ora kalilan
nyebar lan ora kena nglumpukake pametuning
tanah! 21 Ing kono Ingsun bakal ndhawuhake
berkahingSun marang sira ing taun kang
kaping nem; temah bakal metokake kang
nyukupi kanggo telung taun. 22 Ing taun kang
kaping wolu, sira bakal padha nyebar, nanging
sira bakal padha mangan pametu kang dhisik
nganti tumeka taun kang kaping sangane;

nganti salebune pametune iku, sira isih bakal padha mangan kang dhisik."

Bab nebus palemahan

25:23-28

23 "Tanah aja diedol salawase, awitdene tanah
iku kagunganingSun, lan sira iku padha dadi
wong manca, kang neneka tumrap Ingsun.
24 Mulane ana ing tanah darbekira kabeh,
sira padha nglilanana manawa palemahan
iku ditebus. 25 Saupama ana sadulurira
kang tumiba ing kamlaratan, nganti ngedol
saperanganing palemahane, iku sanake kang
duwe wewenang nebus, yaiku sanake kang
cedhak dhewe, iku maraa nebus kang wus
kaedol sadulure iku. 26 Dene manawa ora duwe
sanak kang wajib nebus, mangka sawuse
mangkono bisa nebus dhewe marga wus nemu
kang kagawe nebus darbeke, 27 iku ngetunga
anggone ngedol mau wus pirang taun, banjur
saluwihing kekarane dibalekna marang kang
nuku, kalawan mangkono wong mau banjur
bisa ngulihi tanah ebeke. 28 Nanging manawa
ora duwe kang kagawe mbalekake, ing kono
darbeke kang wus diedol tetep ana ing tangane
kang tuku nganti tumeka ing Taun Yobel. Ing
Taun Yobel palemahan iku bakal luwar, sarta
wong mau bisa ngulihi tanah ebeke."

Bab nebus omah

25:29-34

29 “Saupama ana wong adol omah ana ing
kutha kang pagere tembok, omah iku kenane
ditebus mung tumeka taun pendhake, kaetung
saka anggone ngedol; anggone wenang nebus
mung sajrone setaun. 30 Nanging manawa
nganti sataun ora ditebus, omah mau tetep
dadi duweke kang tuku nganti turun-tumurun,
ing Taun Yobel ora bisa bali. 31 Balik omah kang
ana ing desa kang ora kinubengan ing pager
tembok, iku kapadhakna karo palemahan
ing nagara kono, padha kena ditebus lan ing
Taun Yobel kudu bali. 32 Tumrap omah-omah
ing kutha-kuthane wong Lewi, wong Lewi iku
salawase duwe wewenang nebus. 33 Dene
manawa ana wong Lewi kang ora nebus
darbeke, nanging omah kang kaedol ana ing
kuthane dhewe, iku iya kudu bali ing Taun
Yobel, amarga omah kang ana ing kuthane
wong Lewi iku padha dadi wewenange ana ing
satengahe wong Israel. 34 Nanging mungguh
ara-ara kanggo angon kang ana ing sakubenge
kuthane, iku aja kaedol, marga iku dadi
darbeke ing salawas-lawase.”

Pangrengkuh tumrap wong miskin

25:35-55

35 “Saupama sadulurira ana kang tumiba ing
kamlaratan, nganti wus ora bisa ngglawat ana

ngarepira, iku kabantua, dipadha kaya wong
manca utawa wong neneka, supaya bisa lestari
urip ana ing tengahira. 36 Aja sira jaluki anakan
utawa bebathen, nanging sira wedia marang
Allahira, supaya sadulurira iku bisa urip ana ing
tengahira. 37 Anggonira motangake aja njaluk
anakan, lan anggonira nulungi pangan aja
klawan ngarah bathi. 38 Ingsun iki Yehuwah,
Allahira, kang wus ngentasake sira saka ing
tanah Mesir, lan Sunparingi tanah Kanaan,
supaya Ingsun dadi Allahira.

39 Mangkono maneh manawa ana sadulurira
kang tumiba ing kamlaratan ana ing tengahira,
nganti pasrah bongkokan marang sira, iku
aja sira dadekake kaya batur tukon. 40 Dikaya
buruh, utawa wong neneka ana ing omahira,
anggone nyambut gawe ana ing panggonanira
nganti tumeka Taun Yobel. 41 Sawuse iku
nuli lilanana metu saka ing omahira dalah
anak-anake, mulih menyang panggonane
kulawargane lan ebeke para leluhure.
42 Awitdene wong iku padha abdiningSun kang
wus Sunentasake saka ing tanah Mesir, ora
kena diedol patrap kaya batur tukon. 43 Aja sira
tindhes, nanging sira wedia marang Allahira.
44 Nanging baturira tukon lanang utawa wadon
kang arep sira ingu, iku sakaa para bangsa
kang ana ing saubengira; mung panunggalane
iku kang kena sira tuku dadi baturira lanang
utawa wadon. 45 Sarta maneh kang kena sira
tuku yaiku panunggalane anake para wong
neneka kang manggon ana ing tengahira,
kang lair ana ing nagaranira. Wong iku padha

kena sira darbeni. 46 Iku edum-edumna
dadi warisan marang anak-anakira, supaya
kadarbe minangka warisan, pangengere iki
salawas-lawase. Dene mungguh wong Israel,
siji-sijine wong panunggalanira aja ana kang
ngereh marang sadulurira klawan daksiya.
47 Manawa ana wong ngamanca utawa wong
neneka kang ana ing tengahira, kang uripe
wus kacukupan, mangka sadulurira kang
melu wong iku tumiba ing kamlaratan, nganti
ngedol awake marang wong ngamanca utawa
wong neneka iku, utawa marang wong kang
asale saka wong ngamanca iku, 48 sawuse
ngedol awake mau, kawenangna ditebus,
yaiku salah sijine wong panunggalane sadulure
kena nebus, 49 sadulure bapakne utawa
kulawargane kang cedhak, utawa manawa
wus kuwat dhewe, iku wenang nebus awake
dhewe. 50 Wong iku nuli etung-etungana karo
kang nuku, wiwit taun anggone ngedol awake
dhewe nganti tekan Taun Yobel, sarta dhuwit
pangedole banjur kaetunga miturut cacahing
taun; anggone melu marang wong kang
neneka iku kaanggepa kaya cacahing taune
wong buruh. 51 Manawa cacahing taun kang
kari iku isih akeh, anggone mbalekake dhuwit
panukune minangka panebuse awake iku
manut cacahing taun mau. 52 Manawa cacahe
taun kang tumeka Taun Yobel iku mung kari
sathithik, iya etung-etungana karo kang nuku,
anggone mbalekake dhuwit tebusan kanggo
awake dhewe; kaetunga miturut cacahe
taun iku. 53 Dadine anggone ngenger ing

saben taun-taune marang lurahe iku dikaya
buruh; ora kena disiya-siya ana ing ngarepira.
54 Dene manawa ora katebus kanthi patrap
mangkono, ing Taun Yobel kudu dililani metu
dalah anak-anake. 55 Awitdene wong Israel iku
padha ngabdi marang Ingsun, lan padha dadi
abdiningSun kang wus Sunentasake saka ing
tanah Mesir; Ingsun iki Yehuwah, Allahira.”

Berkah lan ipat-ipat

26:1-46

26 1 “Sira aja gawe sesembahan brahala,
lan reca tatahan utawa tugu brahala aja
sira degake kanggo sira, uga watu ukir-ukiran
aja sira dekek ana ing tanahira kanggo
pasujudan, awitdene Ingsun iki Yehuwah,
Allahira. 2 Sira padha netepana dina-dina
SabatingSun lan ngajenana pasuceningSun,
Ingsun iki Yehuwah.
3 Manawa lakunira padha miturut ing
pranataningSun sarta tansah padha gondhelan
marang prentahingSun, lan nindakake iku,
4 mesthi sira bakal Sunparingi udan ing
kalamangsane, satemah palemahanira bakal
aweh pametu lan wit-witan ing pakebonanira
bakal metu wohe. 5 Mangsane angonira
padha nutu bakal nganti nyandhak mangsane
ngundhuh anggur lan olehe ngundhuh anggur
bakal nganti tumeka mangsane nyebar.
Anggonira padha mangan bakal nganti wareg,
lan pamanggonira ana ing tanahira bakal
kanthi ayem lan tentrem. 6 Karodene Ingsun

bakal paring tentrem tata raharja ana ing
tanahira, temah sira bakal padha turu kalawan
ora ana kang gawe kagetira. Ingsun bakal
nyirnakake sarupane kewan galak saka ing
nagara kono, apadene nagaranira bakal ora
kambah ing pedhang. 7 Mungsuhira bakal
sira oyak-oyak, lan bakal padha tiwas ana
ing ngarepira dening pedhang. 8 Wong lima
panunggalanira bakal padha mburu wong
satus lan wong satus panunggalanira bakal
padha mburu wong sepuluh ewu, sarta
mungsuhira bakal padha tiwas kabeh dening
pedhang ana ing ngarepira. 9 Anadene Ingsun
bakal enget marang sira lan ndadekake sira
bebranahan sarta tangkar-tumangkar, tuwin
Ingsun bakal netepake prasetyaningSun
klawan sira. 10 Sira bakal isih padha mangan
tandhon pangan saka panen kang dhisik, lan
kang dhisik iku lagi sira wetokake, manawa
kang anyar wus sira simpen. 11 Apamaneh
Ingsun bakal mrenahake Tarub SuciningSun
ana ing tengahira, lan panggalihingSun ora
bakal kemba mirsani sira. 12 Nanging Ingsun
bakal ana ing tengahira lan bakal dadi Allahira
lan sira padha dadi umatingSun. 13 Ingsun
iki Yehuwah, Allahira, kang wus ngentasake
sira saka ing tanah Mesir, supaya sira aja dadi
bature tukon maneh. Ingsun wus mutungake
pasangan kang ana ing pundhakira lan lakunira
Sunjejegake.

14 Nanging manawa sira padha ora
ngrungokake marang Ingsun, lan ora
ngestokake sakehe pepakoningSun,

15 manawa sira padha nampik marang
katetepaningSun lan atinira padha jeleh
ngrungokake pranataningSun, nganti sira
padha ora ngestokake pepakoningSun, sarta
padha mbubrah prasetyaningSun, 16 Ingsun
iya bakal nandukakake iki marang sira, yaiku
Ingsun bakal nekakake pagiris marang sira,
watuk sarta panastis, kang nganti ngrusak
mripat, lan nyawanira nglambrang; tanpa
guna anggonira padha nyebar wijinira, marga
pametune bakal dipangan dening mungsuhira
nganti entek. 17 Ingsun piyambak bakal
nglawan marang sira, nganti sira bakal padha
kasoran ana ing ngarepe mungsuhira; para
kang nyengiti sira iku kang bakal nguwasani
sira, sira bakal padha keplayu, sanajan ora
ana kang mburu marang sira.
18 Anadene manawa ana ing kaanan kang
kaya mangkono iku, sira meksa isih padha
ora ngrungokake dhawuhingSun, Ingsun
bakal maringi pamerdi marang sira luwih
dening abot, nganti tikel pitu, marga saka
dosanira, 19 sarta Ingsun bakal mutung
pangwasanira kang gumunggung, lan langitira
bakal Sundadekake kaya wesi, lan buminira
kaya tembaga, 20 temahan rekasanira bakal
tanpa tuwas babar pisan; buminira bakal ora
metokake asil, lan wit-witan ing tanahira ora
bakal awoh.
21 Manawa uripira isih tetep nyulayani marang
karsaningSun lan ora gelem ngrungokake
dhawuhingSun, bakal saya akeh tambahing
paukumaningSun marang sira nganti tikel

pitu, laras kalawan dosanira. 22 Ingsun bakal
nguculake buron alas ana ing tengahira,
kang bakal mangsa anakira lan numpes
raja-kayanira, ndadekake cacahira mung kari
sathithik, temah dalanira dadi sepi mamring.
23 Manawa ing sajroning kaanan kang kaya
mangkono iku, sira meksa durung kapok
marang pamerdiningSun, lan lakunira isih
terus nyulayani karsaningSun, 24 Ingsun iya
bakal tumandang nglawan marang sira tuwin
Ingsun piyambak bakal ngukum marang
sira nganti tikel pitu marga saka dosanira.
25 Ingsun bakal nekakake pedhang marang
sira, kang bakal nibakake piwales marga saka
prasetyan iku; dene samangsa sira ing tembe
padha klumpukan ana ing kutha-kuthanira,
Ingsun bakal nekakake pageblug ana ing
tengahira, lan sira bakal Sunulungake marang
tangane mungsuhira. 26 Samangsa Ingsun
nyirnakake tandhoning panganira, nuli wong
wadon sepuluh bakal padha mbakar roti ana
ing paroten siji. Banjur mbalekakake rotine
marang sira miturut bobote, temah anggonira
padha mangan bakal ora nganti wareg.
27 Manawa ing sajrone kaanan kang kaya
mangkono iku sira isih meksa padha ora
ngrungokake dhawuhingSun, lan lakunira
isih tetep nyulayani karsaningSun, 28 Ingsun
iya bakal tumindak nglawan marang sira
kalawan keras lan Ingsun piyambak bakal
ngajar marang sira nganti tikel pitu, marga
saka dosanira. 29 Sira bakal padha mangan
daginge anak-anakira lanang lan anak-anakira

wadon. 30 Punthuk-punthuk pepundhenira
bakal Sungempuri, lan sakehe padupanira
bakal padha Sunbubrah. Sarta jisimira bakal
Sununcalake tumumpang ing bathanging
brahalanira, sarta panggalihingSun bakal
bosen mirsani sira. 31 Kutha-kuthanira bakal
Sundadekake jugrugan, lan pepundhenira
padha Sungempuri, lan pisungsungira kang
gawe rena bakal ora Sunambet. 32 Ingsun
piyambak kang bakal ngrusak nagara iku,
nganti mungsuhira kang ngenggoni padha
kaeraman. 33 Nanging sira bakal Sunsebar ing
antarane para bangsa lan Ingsun bakal ngunus
pedhang ana ing burinira; dene tanahira bakal
dadi cengkar, lan kutha-kuthanira padha
dadi jugrugan. 34 Ing kono tanah bakal pulih
saka wahanane taun-taun sabate kang wus
dilirwakake salawase cengkar, lan salawase
sira padha manggon ana ing nagarane para
mungsuhira; nuli tanahe bakal ngrasakake
sabate sarta taun-taun sabat kang durung
tinemu bakal dipulihake. 35 Salawase tanah
dadi gempuran tanah iku bakal ngrasakake
sabat kang durung dilakoni ing taun-taun
sabatira, nalika sira isih padha manggon ing
kono. 36 Dene wong panunggalanira kang
isih urip iku atine bakal Sundadekake miris
ana ing nagara-nagarane mungsuhe, nganti
kumrasaking kleyang kang kabur ing angin,
ndadekake padha keplayu kaya playune
wong kang nyingkiri pedhang, sarta bakal
padha ambruk sanadyan ora ana kang mburu,
37 bakal padha kesandhung ing kancane

lan ambruk kayadene nyingkiri pedhang,
sanadyan ora ana kang mburu; sarta sira
bakal padha ora bisa ngglawat ana ing ngarepe
mungsuhira. 38 Malah sira bakal padha sirna
ana ing antarane bangsa liya, lan bakal padha
katumpes dening nagarane mungsuhira.
39 Sapira panunggalanira kang isih urip, bakal
padha tumpes ana ing tanahe mungsuhira,
marga saka salahe dhewe, lan iya awit saka
lupute para leluhure, mulane iya bakal padha
tumpes kaya leluhure.
40 Nanging samangsa padha ngakoni
kaluputane lan kasalahane para leluhure,
kang marga saka cidrane marang Ingsun,
karodene ngakoni anggone padha nyulayani
karsaningSun, 41 Ingsun uga tumandang
nglawan wong-wong iku kang banjur Sunbekta
menyang ing nagarane mungsuhe -- utawa
manawa atine kang ora katetakan iku wus
nungkul apadene wong-wong mau wus
padha nebus kaluputane, 42 nuli Ingsun bakal
ngengeti prasetyaningSun marang Yakub, lan
iya ngengeti prasetyaningSun marang Iskak
lan prasetyaningSun marang Abraham, sarta
Ingsun ngengeti marang nagarane.
43 Dadi tanah iku bakal ditinggal lan
bakal pulih saka wahanane taun-taun
sabat-sabate kang dilirwakake salawase
cengkar, marga ditinggal ing wong-wong
mau, lan wong-wong iku bakal padha nebus
kaluputane; mulane mangkono awit wus
padha nampik marang pranataningSun, lan
atine bosen ngrungokake katetepaningSun.

44 Sanadyana mangkono, samangsa padha ana
ing nagarane mungsuhe, iya bakal padha ora
Suntampik lan ora Sunemohi, Ingsun ora bakal
ndadekake tumpese lan ora bakal mbubrah
prasetyaningSun karo wong-wong iku, awit
dene Ingsun iki Yehuwah Allahe. 45 Murih
kaslametane wong iku Ingsun bakal ngengeti
prasetyaningSun marang para leluhure kang
wus Sunentasake saka ing tanah Mesir ana
ing ngarepe para bangsa, supaya Ingsun dadi
Allahe; Ingsun iki Yehuwah."
46 Kaya mangkono iku katetepan lan pranatan
sarta angger-angger kang padha kadhawuhake
dening Pangeran Yehuwah, kang tumindak ana
ing antarane Panjenengane lan wong Israel
ana ing gunung Sinai lumantar Nabi Musa.

Bab ngluwari punagi

27:1-34

27 1 Pangeran Yehuwah ngandika marang
Nabi Musa: 2 "Sira ndhawuhana marang
wong Israel lan sira tutura: Manawa ana
wong nglairake punagi mligi marang Yehuwah
tumrap manungsa, iku pangajine mituruta
sapantese, 3 kanggo wong lanang kang umure
rong puluh taun tekan sawidak taun, iku
sira ajenana seket sekel salaka, ditimbang
miturut sekel suci. 4 Manawa tumrap wong
wadon ajenana telung puluh sekel, 5 sarta
kang umur limang taun tekan rong puluh
taun, manawa lanang sira ajenana rong puluh
sekel, manawa wadon sepuluh sekel. 6 Dene

tumrap kang umur sesasi tekan limang taun,
manawa lanang sira ajenana limang sekel
salaka, manawa wadon telung sekel salaka.
7 Karodene tumrap kang umur sawidak taun
utawa luwih, manawa lanang sira ajenana
limalas sekel, manawa wadon sepuluh sekel.
8 Nanging saupama wonge mau mlarat banget,
nganti ora bisa mbayar pangajine wong kang
dipunageni, iku nuli diajokna marang ngarepe
imam, supaya imam nemtokna pangajine;
dene imam anggone nemtokake ajine miturut
kakuwatane wong kang nglairake punagi mau.
9 Manawa punagine iku tumrap raja-kaya
kang kena kagawe kurban sumaos marang
Pangeran Yehuwah, sadhengaha kang
disaosake marang Pangeran Yehuwah, iku
kudu suci. 10 Iku ora kena diijoli utawwa
dilironi, dadi kang becik diijoli kang ala, utawa
kang ala dilironi kang becik. Ewasamono
manawa kewan diijoli kewan liyane, kang diijoli
lan kang kalirokake kudu suci. 11 Manawa
iku kewan kang karam, kang ora kena
kagawe saos kurban marang Pangeran
Yehuwah, kewan iku diajokna marang ngarepe
imam, 12 banjur direganana dening imam,
mawa-mawa ala-becike. Dene sapira putusane
imam, iya tetepa samono. 13 Lan manawa
kewan mau arep ditebus, pangajine mau
ditambahana sapralimane.
14 Manawa ana wong kang nyengker
omahe, kagawe sengkeran sumaos marang
Pangeran Yehuwah, iku direganana dening
imam, mawa-mawa ala-becike. Dene sapira

putusane imam, iya tetepa samono pangajine.
15 Nanging manawa kang nyengker mau arep
nebus omahe, pangajine omah dipunjulana
sapralimane, sawuse mangkono omah mau
dadi darbeke maneh.
16 Manawa ana wong kang nyengker
saperangane palemahane sumaos marang
Pangeran Yehuwah, iku pangajine kudu
cundhuk karo wiji kang disebar, yaiku:
wiji sair sagomer kang disebar direganana
seket sekel salaka. 17 Manawa anggone
nyengker palemahane mau wiwit ing Taun
Yobel, pangajine tetep samono. 18 Nanging
manawa anggone nyengker mau sawuse Taun
Yobel, imam anggone ngetung pangajine
mituruta kehe taun kang kari tekan ing
Taun Yobel candhake, lan iku kanggo nyuda
pangajine. 19 Anadene manawa kang nyengker
palemahan iku nyata-nyata arep nebus,
wong mau kudu mbayar dhuwit pangajine
dipunjulana sapralimane, sawuse mangkono
bali dadi darbeke maneh. 20 Nanging manawa
palemahane mau ora ditebus, utawa malah
wus diedol marang wong liya, iku ora
kena ditebus maneh, 21 nanging sauwale
ing Taun Yobel, palemahan iku dadi suci
tumrap Pangeran Yehuwah, kaya dene tanah
bengkasan, iku imam kang mesthi ndarbeni.
22 Anadene manawa kang disengker sumaos
marang Pangeran Yehuwah iku palemahan
mentas olehe tuku, lan ora kagolong
palemahan duweke dhek biyen, 23 imam
anggone ngregani ngetunga nganti tekan Taun

Yobel; ing dina iku uga wong mau nyaosna
dhuwit pangajine, iku minangka pisungsung
suci sumaos marang Pangeran Yehuwah. 24 Ing
Taun Yobel palemahan mau kudu bali marang
kang ditukoni dhisik, yaiku wong kang sakawit
ndarbeni palemahan mau.
25 Sakehe reregan iku mituruta sekel suci,
kang sasekele bobote rong puluh gera.
26 Anadene mungguh pambarepe raja-kaya
kang pancen wus dadi hake Yehuwah saka
ing antarane kewan-kewan, iku ora kena
disengker dening sapa bae; dadia sapi, dadia
wedhus gembel utawa wedhus berok iku pada
kagungane Yehuwah. 27 Nanging manawa
iku kewan kang karam, iku ditebusa miturut
pangajine, nganggo dipunjuli sapralimane,
lan manawa ora ditebus, iku diedola miturut
pangajine.
28 Balik mungguh samubarang kang
dimligekake dening sawijining wong sumaos
marang Yehuwah saka saperangane darbeke,
dadia manungsa, dadia raja-kaya, utawa
palemahane, iku ora kena diedol lan iya ora
kena ditebus, marga samubarang kang wus
dimligekake iku suci pinunjul kagem Sang
Yehuwah. 29 Saben wong kang dimligekake,
bakal katumpes, iku ora kena ditebus, mesthi
diukum pati.
30 Mangkono uga sakehe pisungsung
prasepuluhan saka pametune palemahan,
dadia kang disebar ing lemah utawa saka
pametune kitri, iku kagungane Pangeran
Yehuwah, iku pisungsung suci kagem Pangeran

Yehuwah. 31 Ewadene manawa ana kang
arep nebus pisungsunge prasepuluhan iku
dipunjulana sapralimane. 32 Mungguh sakehe
pisungsung prasepuluhan saka sapi lan
wedhus iku saka sakehe kewan kang liwat ing
sangisore tekene pangon nalika dietung, iku
saprasepuluhe dadia pisungsung suci kagem
Pangeran Yehuwah. 33 Ora kena dipilih endi
kang becik utawa endi kang ala, iya ora kena
diijoli; ewadene saupama meksa diijoli, kewan
kang diijoli lan kang diijolake iku kabeh dadi
sengkeran, ora kena ditebus.”

34 Iku mau pepakon-pepakon kang
didhawuhake dening Pangeran Yehuwah
marang Nabi Musa ana ing gunung Sinai
tumrap wong Israel.

WILANGAN

Bala Israel kacacahake

1:1-54

1 [1] Nalika taun kang kapindho ing sasi
kapindho ing tanggal sapisan sawuse
padha metu saka ing tanah Mesir, Pangeran
Yehuwah ngandika marang Nabi Musa ana
ing pasamunan ing gunung Sinai ing sajrone
Tarub Pasewakan: [2] "Sira nacahna umat Israel
kabeh miturut kulawangsane ing sajrone
suku-sukune, sakehe wong lanang ing Israel
tulisana jenenge siji-sijine, [3] kang umure
rong puluh taun munggah, kang sembada
ing perang, iku sira cacahna karo Harun
miturut golongane dhewe-dhewe. [4] Dene kang
dadi kanthinira tumrap saben taler wong
siji, minangka pemimpine kulawangsane.
[5] Iki jenenge wong-wong kang padha dadi
kanthinira: Saka taler Ruben: Elizur bin
Syedeur; [6] saka taler Simeon: Selumiel bin
Zurisyadai; [7] saka taler Yehuda: Nahason bin
Aminadhab; [8] saka taler Isakhar: Netaneel
bin Zuar; [9] saka taler Zebulon; Eliab bin
Helon; [10] tumrap turune Yusuf, saka taler
Efraim: Elisama bin Amihud; lan saka taler
Manasye: Gamaliel bin Pedazur; [11] saka taler
Benyamin: Abidan bin Gidheoni; [12] saka taler
Dhan: Ahiezer bin Amisyadai; [13] saka taler

Asyer: Pagiel bin Okhran; 14 saka taler Gad:
Elyasaf bin Rehuel; 15 saka taler Naftali:
Ahira bin Enan.” 16 Iku para wong kang pinilih
saka antarane para umat iku, siji-sijine dadi
pemimpining talere para leluhure, iku padha
dadi panggedhene bala Israel.
17 Nabi Musa lan Rama Harun tumuli
nimbali wong-wong kang wus padha kasebut
jenenge mau. 18 Bareng tanggal sapisan sasi
kapindho banjur padha nglempakake sapepake
pasamuwan. Sawuse mangkono nuli ndhapuk
sarasilahe para wong Israel miturut gotrahe
kang tinemu ing saben taler. Wong-wong kang
umure rong puluh taun sapandhuwur ditulisi
jenenge siji-sijine, 19 kaya kang kadhawuhake
dening Pangeran Yehuwah marang Nabi Musa.
Mangkono Nabi Musa anggone nacahake umat
ana ing pasamunan Sinai.
20 Mungguh sarasilahe turune Ruben
pembarepe Israel iku kadhapuk miturut
gotrah-gotrahe ing talere, cacahe wong lanang
kang umur rong puluh taun sapandhuwur,
kang sembada ing perang, padha ditulisi
jenenge dhewe-dhewe. 21 Gunggunge saka
taler Ruben kang kacathet iku ana patang
puluh nem ewu limang atus.
22 Mungguh sarasilahe turune Simeon
iku kadhapuk miturut gotrah-gotrahe ing
talere, cacahe wong lanang kang umur roh
puluh taun sapandhuwur, kang sembada ing
perang, padha ditulisi jenenge dhewe-dhewe.
23 Gunggunge kang kacathetan saka taler
Simeon ana seket sanga ewu telung atus.

[24] Mungguh sarasilahe turune Gad iku
kadhapuk miturut gotrah-gotrahe ing talere,
cacahe wong lanang kang umur rong puluh
taun sapandhuwur, kang sembada ing perang
padha ditulisi jenenge. [25] Gunggunge kang
kacathetan saka taler Gad iku ana patang
puluh papat ewu nem atus seket.
[26] Mungguh sarasilahe turune Yehuda iku
kadhapuk miturut gotrah-gotrahe, cacahe
wong lanang kang umur rong puluh taun
sapandhuwur, kang sembada ing perang
padha ditulisi jenenge. [27] Gunggunge kang
kacathetan saka taler Yehuda iku ana pitung
puluh papat ewu nem atus.
[28] Mungguh sarasilahe turune Isakhar iku
kadhapuk miturut gotrah-gotrahe ing talere,
cacahe wong lanang kang umur rong puluh
taun sapandhuwur, kang sembada ing perang
padha ditulisi jenenge. [29] Gunggunge kang
kacathetan saka taler Isakhar iku ana seket
papat ewu patang atus.
[30] Mungguh sarasilahe turune Zebulon iku
kadhapuk miturut gotrah-gotrahe ing talere,
cacahe wong lanang kang umur rong puluh
taun sapandhuwur, kang sembada ing perang
padha ditulisi jenenge. [31] Gunggunge saka
taler Zebulon kang kacathetan iku ana seket
pitu ewu patang atus.
[32] Mungguh sarasilahe turune Yusuf, kang
kalebu darah Efraim iku kadhapuk miturut
gotrah-gotrahe ing talere, cacahe wong lanang
kang umur rong puluh taun sapandhuwur,
kang sembada ing perang padha ditulisi

jenenge. 33 Gunggunge saka taler Efraim kang
kacathetan iku ana patang puluh ewu limang
atus. 34 Kang kalebu darahe Manasye, miturut
gotrah-gotrahe ing talere, cacahe wong lanang
kang umur rong puluh taun sapandhuwur,
kang sembada ing perang padha ditulisi
jenenge. 35 Gunggunge saka taler Manasye
kang kacathetan iku ana telung puluh loro ewu
rong atus.
36 Mungguh sarasilahe turune Benyamin iku
kadhapuk miturut gotrah-gotrahe ing talere,
cacahe wong lanang kang umur rong puluh
taun sapandhuwur, kang sembada ing perang,
padha ditulisi jenenge. 37 Gunggunge saka
taler Benyamin kang kacathetan iku ana
telung puluh lima ewu patang atus.
38 Mungguh sarasilahe turune Dhan iku
kadhapuk miturut gotrah-gotrahe ing talere,
cacahe wong lanang kang umur rong puluh
taun sapandhuwur, kang sembada ing perang
padha ditulisi jenenge. 39 Gunggunge saka
taler Dhan kang kacathetan iku ana suwidak
loro ewu patang atus.
40 Mungguh sarasilahe turune Asyer iku
kadhapuk miturut gotrah-gotrahe ing talere,
cacahe wong lanang kang umur rong puluh
taun sapandhuwur, kang sembada ing perang
padha ditulisi jenenge. 41 Gunggunge saka
taler Asyer kang kacathetan iku ana patang
puluh siji ewu limang atus.
42 Mungguh sarasilahe turune Naftali iku
kadhapuk miturut gotrah-gotrahe ing talere,
cacahe wong lanang kang umur rong puluh

taun sapandhuwur, kang sembada ing perang,
padha ditulisi jenenge. 43 Gunggunge saka
taler Naftali kang kacathetan iku ana seket
telu ewu patang atus.
44 Samono mau kang padha kacacahake
dening Nabi Musa lan Rama Harun lan para
panggedhene para wong Israel rolas, kang
siji-sijine makili talere. 45 Dadi sakehe wong
Israel kang kacacahake miturut taler-talere
kang umur rong puluh taun sapandhuwur,
kang sembada ing perang ana ing satengahe
wong Israel, 46 gunggunge nem atus telu ewu
limang atus seket.
47 Nanging wong-wong kang kalebu turune
Lewi, iku anggone kacacahake ora awor
karo wong-wong iku, 48 marga Nabi Musa
wus kapangandikanan dening Pangeran
Yehuwah, mangkene: 49 "Mung taler Lewi
iku aja sira catheti lan aja sira etung cacahe
bebarengan karo wong Israel, 50 nanging
iku padha kapataha rumeksa Tarub Suci,
panggonan angger-angger dalah prabot lan
sapirantine kabeh; padha nggotonga Tarub
Suci dalah sapirantine; sarta padha leladia
ana ing kono, karodene anggone makuwon
anaa ing saubenge. 51 Samangsa Tarub Suci
mangkat, wong Lewi kang kudu ngrucati,
lan samangsa leren, wong Lewi kang kudu
ngadegake; manawa ana wong lumrah kang
nyedhaki, kaukuma pati. 52 Wong Israel
samangsa padha lereb, siji-sijine manggona
ing tarube dhewe-dhewe, cedhak karo
panji-panjine, miturut golongane, 53 nanging

wong Lewi kudu lereb ing saubenge Tarub
Suci panggonaning angger-anggere Gusti
Allah, supaya umat Israel aja nganti kena ing
bebendu; wong Lewi kudu rumeksa marang
Tarub Suci, panggonaning angger-angger iku.”
54 Anadene wong Israel iya padha nglakoni
kaya mangkono; ngetrepi kang kadhawuhake
dening Pangeran Yehuwah marang Nabi Musa,
iku diestokake kabeh.

Suku-suku Israel padha diprenahake anggone makuwon

2:1-34

2 1 Pangeran Yehuwah ngandika marang
Nabi Musa lan Rama Harun: 2 “Wong Israel
anggone lereb iku padha nyedhakana panji-
panjine, mituruta tetengering suku-sukune.
Anggone lereb iku anaa ing saubenge Tarub
Pasewakan kapara adoh.
3 Kang lereb ana ing sisih wetan, cedhak
karo panji-panjine, iku bani Yehuda, miturut
golongane; kang dadi pemimpine bani Yehuda:
Nahason bin Aminadhab. 4 Balane kang
kacacahake iku ana pitung puluh papat ewu
nem atus. 5 Sandhinge iku kang makuwon
taler Isakhar, pemimpine bani Isakhar yaiku:
Netaneel bin Zuar. 6 Balane kang kacacahake
ana seket papat ewu patang atus. 7 Tumuli
taler Zebulon, pemimpine bani Zebulon yaiku:
Eliab bin Helon. 8 Balane kang kacacahake
ana seket pitu ewu patang atus. 9 Gunggunge
bala kang kacacahake ana ing tarube Yehuda,

miturut golongane ana satus wolung puluh
nem ewu patang atus. Iku samangsa budhal
anaa ing ngarep dhewe.
10 Panji-panjine taler Ruben ana ing sisih
kidul, miturut golongane, kang dadi pemimpine
bani Ruben yaiku: Elizur bin Syedeur. 11 Balane
kang kacacahake ana patang puluh nem ewu
limang atus. 12 Kang lereb ana ing sandhinge
yaiku taler Simeon, kang dadi pemimpine
bani Simeon yaiku: Selumiel bin Zurisyadai.
13 Balane kang kacacahake ana seket sanga
ewu telung atus. 14 Nuli taler Gad; kang
dadi pemimpine taler Gad yaiku: Elyasaf bin
Rehuel. 15 Balane kang kacacahake ana patang
puluh lima ewu nem atus seket. 16 Gunggunge
kang kacacahake ana ing tarube Ruben,
miturut golongane ana satus seket siji ewu
patang atus seket. Iku budhale nomer loro.
17 Sawuse iku banjur disambung Tarub
Pasewakan karo balane bani Lewi ana ing
tengah-tengahe bala liya-liyane. Kaya manawa
mbeneri lereb, iya mangkono uga samangsa
budhalan, siji-sijine ana ing panggonane
dhewe-dhewe miturut panji-panjine.
18 Kang ana ing sisih kulon iku panji-panjine
taler Efraim, miturut golongane; kang dadi
pemimpine bani Efraim yaiku: Elisama bin
Amihud. 19 Balane kang kacacahake ana
patang puluh ewu limang atus. 20 Kang ana
ing sandhinge taler Manasye, kang dadi
pemimpine bani Manasye yaiku: Gamaliel bin
Pedazur. 21 Balane kang kacacahake iku ana
telung puluh loro ewu rong atus. 22 Tumuli

taler Benyamin, kang dadi pemimpine taler
Benyamin yaiku Abidan bin Gideoni. 23 Balane
kang kacacahake iku ana telung puluh
lima ewu patang atus. 24 Gunggunge kang
kacacahake ana ing tarube Efraim, miturut
golongane ana satus wolu ewu satus. Iku
budhale kang nomer telu.
25 Kang ana ing sisih lor panji-panjine
taler Dhan, miturut golongane, kang dadi
pemimpine bani Dhan yaiku: Ahiezer bin
Amisyadai. 26 Balane kang kacacahake iku
ana suwidak loro ewu pitung atus. 27 Kang
lereb ing sacedhake iku taler Asyer, kang
dadi pemimpine taler Asyer yaiku: Pagiel bin
Okhran. 28 Balane kang kacacahake iku ana
patang puluh siji ewu limang atus. 29 Banjur
taler Naftali, kang dadi pemimpine taler
Naftali yaiku: Ahira bin Enan. 30 Balane kang
kacacahake iku ana seket telu ewu patang
atus. 31 Gunggunge kang kacacahake ana
ing tarube Dhan ana satus seket pitu ewu
nem atus. Iku budhale anaa ing buri dhewe,
miturut panji-panjine.”
32 Samono mau gunggunge wong Israel
kang padha kacacahake miturut taler-talere.
Sakehe kang kacacahake ana ing tarub
miturut golongane kabeh ana nem atus telu
ewu limang atus seket. 33 Nanging wong
Lewi ora kalebu kacacahake bareng karo
wong Israel, kaya kang wus dadi dhawuhe
Pangeran Yehuwah marang Nabi Musa.
34 Wong Israel padha nglakoni apa sadhawuhe
Pangeran Yehuwah marang Nabi Musa;

kaya mangkono anggone padha makuwon miturut panji-panjine, lan uga anggone padha budhalan, siji-sijine miturut gotrahe lan talere.

Bab wong Lewi

3:1--4:49

3 1 Iki tedhake Rama Harun lan Nabi Musa
ing nalikane Sang Yehuwah ngandika
marang Nabi Musa ana ing gunung Sinai.
2 Asmane para putrane Rama Harun, kang
pambajeng Nadab, banjur Abihu, Eleazar lan
Itamar. 3 Iku mau asmane para putrane Rama
Harun, imam-imam kang padha kajebadan,
lan wus katetepake supaya nindakake
kaimaman. 4 Nanging Nadab lan Abihu wus
ngajal ana ngarsane Pangeran Yehuwah
ana ing pasamunan ing Sinai, nalika padha
nyaosake geni kang ora samesthine ana ing
ngarsane Sang Yehuwah, sarta padha ora
duwe turun. Mulane Eleazar lan Itamar kang
nindakake kaimaman nalika Rama Harun,
kang rama, isih sugeng.
5 Pangeran Yehuwah ngandika marang
Nabi Musa mangkene: 6 "Taler Lewi padha
dhawuhana maju lan ngadhep marang Imam
Harun, supaya padha ngladenana. 7 Iku padha
netepana kuwajibane kang tumrap marang
Harun lan kanggo para umat Israel kabeh ana
ing ngarepe Tarub Pasewakan, dadi padha
nglakoni pagawean kang lumadi marang Tarub
Suci. 8 Iku padha rumeksaa marang sakehe
pirantine Tarub Pasewakan, sarta padha

netepana kuwajibane kang tumrap marang
wong Israel, dadi padha nglakoni pagawean
kang lumadi marang Tarub Suci. 9 Wong-wong
Lewi iku padha kapasrahna marang Harun lan
para anake; saka ing antarane wong Israel
wong-wong mau padha kapasrahna babar
pisan marang Harun. 10 Dene mungguh Harun
lan anak-anake iku sira pataha ngimami, dene
wong liya kang nyedhak kaukuma pati."
11 Sang Yehuwah ngandika marang Nabi
Musa mangkene: 12 "Lah Ingsun kang
mundhut wong Lewi saka ing satengahe
wong Israel, kagawe gantine sakehe anake
pambarep, kang lair saka ing guwagarba;
wong Lewi iku padha dadia kagunganingSun,
13 awitdene sadhengah anak pambarep iku
kagunganingSun. Nalika Ingsun mateni sakehe
anak pambarep ing tanah Mesir, nuli sakehe
anak pambarep ing Israel padha Sunsengker
dadi kagunganingSun; Ingsun iki Yehuwah."
14 Pangeran Yehuwah ngandika marang
Nabi Musa ana ing pasamunan ing gunung
Sinai: 15 "Wong bani Lewi iku padha cacahna
miturut kula-wangsane lan miturut gotrahe;
sakehe kang lanang kang umure sasasi
sapandhuwur, iku padha kacacahna kabeh."
16 Nabi Musa banjur nacahake bani Lewi
miturut pangandikane Sang Yehuwah, kaya
anggone wus kadhawuhan mau. 17 Iki asmane
para putrane Rama Lewi: Gerson, Kehat lan
Merari. 18 Iki asmane putrane Rama Gerson
miturut gotrahe: Libni lan Simei. 19 Para
putrane Rama Kehat miturut gotrahe, yaiku:

Amram, Yizhar, Hebron lan Uziel. 20 Iki putrane
Rama Merari miturut gotrahe: Makhli lan Musi.
Yaiku gotrah-gotrahe para bani Lewi miturut
kula-wangsane. 21 Rama Gerson nurunake
bani Libni lan bani Simei; yaiku gotrahe bani
Gerson. 22 Cacahe kang lanang kang umur
sasasi sapandhuwur iku, kaetung ana pitung
ewu limang atus. 23 Gotrahe bani Gerson iku
anggone padha manggon ana ing saburine
Tarub Suci ing iring kulon. 24 Kang dadi
pemimpine kulawangsane bani Gerson iku:
Elyasaf bin Lael. 25 Bubuhane bani Gerson ana
ing Tarub Pasewakan yaiku: ngrumat Tarub
Suci, Tarub lan payone, wrananing lawange
Tarub Pasewakan, 26 geber ing plataran lan
wrananing plataran kang ana ing saubenge
Tarub Suci lan misbyah, tali-taline, lan
liya-liyane kang magepokan karo sakabehe
mau.

27 Kang kalebu kula-wangsane Rama Kehat
yaiku bani Amram, bani Yizhar, bani Hebron
lan bani Uziel; yaiku gotrahe bani Kehat.
28 Sagolongane kang lanang kang umur sasasi
sapandhuwur nalika kacathetan cacahe ana
wolung ewu nem atus, iku padha rumeksa
barang-barang ing pasucen. 29 Gotrahe bani
Kehat iku anggone lereb ana ing sakidule Tarub
Suci. 30 Kang dadi pemimpine kula-wangsane
lan gotrahe bani Kehat iku: Elisafan bin
Uziel. 31 Bubuhane ngrumat: pethi, meja,
padamaran, misbyah lan piranti ing pasucen
kang dianggo pangibadah, apadene geber, lan
liya-liyane kang magepokan karo pagawean

mau kabeh. 32 Anadene Rama Eleazar putrane
Imam Harun iku kang dadi pucuk pimpinane
wong bani Lewi, kang manggedheni marang
kang padha rumeksa barang-barang ing
pasucen.
33 Kang kalebu kula-wangsane Rama Merari
yaiku bani Makhli lan bani Musi; yaiku
gotrah-gotrahe Rama Merari. 34 Sagolongane
kang lanang kang umure sasasi sapandhuwur
nalika dicatheti cacahe ana nem ewu rong
atus. 35 Kang dadi pemimpine kula-wangsane
lan gotrahe bani Merari iku: Zuriel bin
Abihail. Pakuwone ana ing salore Tarub Suci.
36 Bubuhane para bani Merari iku: ngopeni
blabage Tarub Suci, kendhite, sakane dalah
ompake sarta sakehe pirantine, lan liya-liyane
kang magepokan karo pagawean mau kabeh;
37 uga cagake plataran mubeng dalah ompake,
pathoke lan tali-taline.
38 Kang lereb ana ing ngarepe Tarub Suci ing
sisih wetan, ing sangarepe Tarub Pasewakan,
Nabi Musa lan Rama Harun saputra-putrane,
kang padha nglakoni bubuhan rumeksa
pasucen kanggo wong Israel; mangka wong
liya kang nyedhak iku mesthi kaukum pati.
39 Sakehe wong bani Lewi kang kacacahake
dening Nabi Musa miturut dhawuhe Sang
Yehuwah, manut gotrahe, kang lanang kang
umur sasasi sapandhuwur iku ana rolikur ewu.
40 Pangeran Yehuwah banjur ngandika
marang Nabi Musa: “Sira nacahna sakehe
anak lanang pambarep Israel kang umure
sasasi sapandhuwur, padha kaetunga

gunggunge, 41 Ingsun pilihna wong-wong
Lewi -- Ingsun iki Yehuwah -- dadia gantine
sakehe anake pambarepe wong Israel, lan
raja-kayane wong Lewi dadia lirune sakehe
pambarep ing antarane raja-kayane wong
Israel.” 42 Nabi Musa banjur nacahake sakehe
anake pambarep wong Israel, kaya kang
dadi dhawuhe Pangeran Yehuwah marang
panjenengane. 43 Sakehe anak pambarep
lanang kang umur sasasi sapandhuwur kang
padha kacathetan jenenge, cacahe ana rolikur
ewu rong atus pitung puluh telu.
44 Sang Yehuwah banjur ngandika marang
Musa: 45 “Ingsun pundhutna wong Lewi dadia
gegentine sakehe anak pambarepe wong
Israel, lan uga raja-kayane wong Lewi lirune
raja-kayane wong Israel; wong Lewi iku
dadia kagunganingSun; Ingsun iki Yehuwah.
46 Minangka panebuse para pambarepe wong
Israel kang rong atus pitung puluh telu,
kang cacahe ngluwihi wong bani Lewi iku,
47 saben wong siji sira dhawuhana setor dhuwit
limang atus sekel, miturut sekel suci, kang
sasekele bobote rong puluh gerah. 48 Dhuwit
iku sira tampakna marang Harun lan para
anake minangka tebusane wong-wong kang
keluwihen iku.” 49 Nabi Musa banjur mundhut
dhuwit tebusan tumrap wong-wong kang
cacahe keluwihen tinimbang kang wus ditebus
dening para wong Lewi mau, 50 dhuwit iku
mau kapundhut saka para pambarepe wong
Israel, gunggung sewu telung atus suwidak
lima sekel, miturut timbangan sekel suci.

51 Dhuwit tebusan iku nuli ditampakake Nabi
Musa marang Imam Harun lan para putrane
nocogi pangandikaning Yehuwah, kang wus
kadhawuhake dening Sang Yehuwah marang
Nabi Musa.
4 1 Pangeran Yehuwah ngandika marang
Nabi Musa lan Rama Harun: 2 "Sira
padha nacahna para bani Kehat lan sira
dhewekna saka ing antarane para bani Lewi,
miturut gotrah-gotrahe ing kula-wangsane.
3 Kacacahna kang umur telung puluh taun
sapandhuwur nganti tumeka umur seket taun,
sakehe wong kang kudu ngayahi kuwajiban
lumadi marang Tarub Pasewakan. 4 Kang
dadi bubuhane bani Kehat ana ing Tarub
Pasewakan, yaiku: ngurus barang-barang
kang suci pinunjul. 5 Samangsa budhal saka
palereban, Harun lan para anake tumuli
padha lumebua perlu ngudhunake payone,
banjur kagawea nutupi pethi angger-angger,
6 ing dhuwure dilarabana lulang dhuyung,
ing dhuwure maneh kajerengana jarit
kang wungu tuwa, sarta banjur kaetrapana
pikulaning pethi mau. 7 Ing sadhuwure meja
sesaosan kataplakana jarit wungu tuwa,
tumuli ditatanana panjang, piring apadene
tuwung lan kendhining kurban pangecuran
dalah rotine sesaosan iya kudu ajeg ana
ing kono. 8 Iku banjur kalurubana jarit
jingga, banjur ditutupana lulang dhuyung,
sawuse mangkono kaetrapana pikulane.
9 Karomaneh padha njupuka jarit wungu
tuwa kagawea nutupi padamaran dalah

damare, sapit-sapite lan tadhah-tadhahe
langes, apadene sakehe wadhah lenga
kang kanggo kaperluaning padamaran iku.
10 Padamaran sapirantine kabeh mau tumuli
katumpangana ing lulang dhuyung, sarta
kaselehna ing amben-ambenane kang kanggo
ngusung. 11 Misbyahe mas dilurubana jarit
wungu tuwa, dikrukubana lulang dhuyung,
sarta dietrapana ing pikulaning misbyah iku.
12 Karomaneh padha njupuka sakehing piranti
kang kanggo leladen pangibadah ing pasucen,
padha kadekekna ing jarit wungu tuwa,
kalarabana lulang dhuyung, banjur kaselehna
ing amben-ambenan. 13 Awu ing misbyah
karesikana, tumuli kalarabana jarit wungu
nom, 14 ing sadhuwure katumpangna sakehe
piranti kang kanggo ing gawe, yaiku: anglo,
porok, sarta sorok, bokor panyiraman apadene
sakehe pirantining misbyah, banjur dilarabana
lulang dhuyung, sawuse iku kaetrapana ing
pikulaning misbyah.

15 Sawuse Harun lan para anake rampung
anggone nutupi barang-barang lan sakehe
pirantine pasucen kabeh, samangsa arep
budhalan, wong bani Kehat lagi kena lumebu
prelu ngusungi barang-barang iku, nanging
aja nganti nggepok samubarang kang suci
iku, supaya aja nganti nemahi pati. Dadi iku
barang-barang ing Tarub Pasewakan kang
kudu diusung dening bani Kehat. 16 Anadene
Eleazar anake Imam Harun, bubuhane ngreksa
lengane padamaran, dupa wangen-wangen,
kurban dhaharan ajegan sarta lenga jebad;

uga kuwajiban ngreksa Tarub Suci lan saisine
kabeh, yaiku barang-barang kang suci lan
sapirantine kabeh.”
17 Pangeran Yehuwah ngandika marang
Nabi Musa lan Rama Harun, dhawuhe:
18 “Kula-wangsane lan gotrah-gotrahe para
bani Kehat iku poma aja nganti cures saka ing
satengahe wong Lewi. 19 Supaya padha lestari
urip lan ora nganti nemahi pati samangsa maju
nyedhaki barang-barang kang suci pinunjul,
sira padha nindakna mangkene; kanggo
wong-wong mau: Harun lan anak-anake padha
lumebua lan mrenahna wong bani Kehat
mau, cedhak karo barang-barang kang kudu
diusung. 20 Nanging aja ana wong Kehat kang
lumebu arep ndeleng barang-barang suci iku
sanadyan munga sakedhap netra, supaya aja
nganti nemahi pati.”
21 Sang Yehuwah ngandika marang Nabi
Musa: 22 “Para bani Gerson iya uga kacacahna
miturut kula-wangsane lan para gotrahe,
23 kang umur telung puluh taun sapandhuwur
tumeka umur seket taun, kaetunga, iya
saben wong kang kudu ngayahi kuwajiban
lumadi marang Tarub Pasewakan. 24 Kang
dadi bubuhane bani Gerson anggone leladi
lan ngusung barang-barang iku mangkene:
25 Padha ngusunga tendha-tendhaning Tarub
Suci lan Tarub Pasewakan, payone lan
rangkepane lulang dhuyung kang ana ing
dhuwure, sarta wrananing lawange Tarub
Pasewakan, 26 geber-gebering plataran karo
wrananing gapura plataran kang ana ing

saubenge Tarub Suci apadene misbyah,
tali-taline lan sarupane piranti kang kanggo
ing gawe; wong-wong iku padha nindakna
sakehing bubuhan kang magepokan karo iku
mau kabeh. 27 Bubuhane para bani Gerson,
anggone ngusungi barang-barang lan anggone
ngladeni, kabeh iku katindakna miturut kang
dadi prentahe Harun lan para anake; padha
sira tuduhana apa kang dadi tanggung-jawabe
tumrap sadhengah kang diusung iku. 28 Iku
mau kang dadi bubuhane bani Gerson ana
ing Tarub Pasewakan, sarta anggone padha
nyambutgawe iku kapimpina dening Itamar
anake Imam Harun.
29 Para wong Merari kacacahna miturut
gotrahe lan kula-wangsane, 30 kang umur
telung puluh taun sapandhuwur nganti tumeka
umur seket taun, iku kaetunga, yaiku saben
wong kang kudu ngayahi kuwajiban lumadi
marang Tarub Pasewakan. 31 Kang dadi
bubuhane kang magepokan karo sakehe
pagaweane ana ing Tarub Pasewakan:
ngusungi blabag-blabag Tarub Suci, palang-
palange, cagak-cagake, ompake, 32 cagake
plataran mubeng, ompake, pathok-pathoke lan
tali-taline, dalah sapirantine; iku kabeh klebu
kuwajibane. Dene piranti kang kudu diusung
iku tuduhna peprincene. 33 Iku mau bubuhane
gotrah-gotrahe para bani Merari, yaiku sakehe
pagaweane ana ing Tarub Pasewakan, kang
dadi pemimpine Itamar anake Imam Harun.”
34 Kaya mangkono Nabi Musa lan Rama Harun
dalah para pemimpine umat Israel anggone

padha nacahake para bani Kehat miturut
gotrah-gotrahe ing kula-wangsane, 35 yaiku
wong-wong kang umure telung puluh taun
sapandhuwur tumeka umur seket taun, sakehe
wong kang kudu ngayahi kuwajiban lumadi
marang Tarub Pasewakan. 36 Gunggunge kang
kacacahake iku miturut gotrahe ana rong ewu
pitung atus seket. 37 Samono cacahe wong
bani Kehat, kang padha ngladeni ana ing
Tarub Pasewakan, kang padha dicatheti dening
Nabi Musa lan Rama Harun, miturut dhawuhe
Pangeran Yehuwah lumantar Nabi Musa.
38 Para bani Gerson iku anggone kacacahake
miturut gotrah-gotrahe ing kula-wangsane,
39 yaiku para wong kang umur telung puluh
taun sapandhuwur tumeka umur seket taun,
saben wong kang kudu ngayahi kuwajiban
lumadi marang Tarub Pasewakan. 40 Dadi
kang kacacahake miturut gotrahe lan
kula-wangsane, gunggunge rong ewu nem
atus telung puluh. 41 Samono iku gunggunge
cacahe gotrah-gotrahe para bani Gerson, kang
padha ngladeni ana ing Tarub Pasewakan,
kang padha dicatheti dening Nabi Musa lan
Rama Harun, miturut dhawuhe Sang Yehuwah.
42 Para bani Merari iku anggone kacacahake
miturut gotrah-gotrahe lan kula-wangsane,
43 kang umur telung puluh taun sapandhuwur
tumeka umur seket taun, saben wong kang
kudu ngayahi kuwajiban lumadi marang Tarub
Pasewakan, 44 dadi kang kacacahake miturut
gotrahe, gunggunge telung ewu rong atus.
45 Samono cacahe gotrah-gotrahe para bani

Merari, kang padha kacathetan dening Nabi
Musa lan Rama Harun, miturut dhawuhe Sang
Yehuwah lumantar Nabi Musa.
46 Sakehe wong Lewi kang kacacahake
dening Nabi Musa lan Rama Harun kanthi
para pemimpine Israel miturut gotrah-gotrahe
lan kula-wangsane, 47 kang umur telung
puluh taun tumeka umur seket taun, saben
wong kang kudu ngayahi kuwajiban lumadi
marang Tarub Pasewakan, sarta ngusung
barang-barang; 48 dadi kang kacathetan,
gunggunge wolung ewu limang atus wolung
puluh. 49 Anggone nacahake iku marga
saka dhawuhe Pangeran Yehuwah lumantar
Nabi Musa, sawiji-wijine padha diparingi
tanggung-jawab tumrap apa kang kudu
dilakoni lan kang diangkuti. Kaya mangkono
anggone kacacahake, miturut dhawuhe
Pangeran Yehuwah lumantar Nabi Musa.

Pranatan bab wong kang najis

5:1-4

5 1 Pangeran Yehuwah ngandika marang Nabi
Musa: 2 "Sira mrentahana marang wong
Israel, supaya saben wong kang nandhang
lara saraat, wong kang ngetokake umbel
lan kang nggrajag getih, apadene kang
najis marga saka jisim, padha kawetokna
saka ing palereban, 3 lananga wadona padha
kawetokna, iya sira wetokna menyang ing
sajabane palereban, supaya aja nganti
ndadekake najise pakuwon kang Sundalemi."

4 Wong Israel banjur iya padha nglakoni kaya
mangkono, wong-wong mau padha diwetokake
saka ing palereban; apa sadhawuhe Sang
Yehuwah marang Nabi Musa, iku diestokake
dening wong Israel.

Bab tatanan nebus kaluputan

5:5-10

5 Pangeran Yehuwah ngandika marang Nabi
Musa: 6 "Sira ndhawuhana marang wong
Israel: Manawa ana wong lanang utawa wong
wadon, nglakoni dosa marang pepadhane,
lan marga saka iku ngowahi kasetyane
marang Pangeran Yehuwah, temah wong
mau nandhang kaluputan, 7 iku ngakonana
dosane kang wus dilakoni mau, banjur
mbayara tebusane kabeh kawuwuhana
sapralimane, kawenehna marang wong kang
ditanduki kaluputan. 8 Nanging saupama
wong iku wus ora duwe sanak kang wajib
nampani tebusaning kaluputan mau, ing
kono tebusan kaluputan kang kudu kabayar
iku dadi kagungane Sang Yehuwah, lan dadi
pandumaning imam; iku durung kalebu
wedhus gibas lanang karukunan kang dianggo
nganakake karukunan tumrap wong mau.
9 Mungguh pisungsung-pisungsung suci kang
kapasrahake wong Israel marang imam iku,
pisungsunge mligi dadia pandumaning imam.
10 Dene pisungsung suci, kang digawa dening
wong, iku pandumane wong iku dhewe; mung

apa kang kawenehake dening wong marang
imam, iku dadi pandumane imam iku.”

Pranatan tumrap prakara kasujanan

5:11-31

11 Pangeran Yehuwah ngandika marang Nabi
Musa: 12 “Sira kandhaa marang wong Israel,
padha tuturana: Manawa ana somahe wong
kang laku ngiwa dadi ora setya marang kang
lanang, 13 marga wong wadon iku ditunggal
turu wong lanang liya, mangka bojone ora
ngreti, awit anggone gawe kuceming awake
iku digawe wadi, ora ana seksine, satemah
ora konangan; 14 saupama kang lanang banjur
kadunungan rohing kasujanan, nganti ndakwa
marang kang wadon, mangka wong wadon
mau dhasar nyata wus gawe kuceme awake,
utawa manawa kang lanang katuwuhan rasa
sujana, nganti ndakwa kang wadon, sanadyan
kang wadon mau ora gawe kuceming awake,
15 ing kono wong lanang mau tumuli ngladekna
somahe marang ngarepe imam. Lan wong iku
kudu nggawa kurban marga saka kang wadon
iku, arupa glepung sair saprasepuluh efa, aja
nganggo diesoki lenga lan aja ditumpangi
menyan, awitdene iku kurban dhaharan
kasujanan, iya kurban pangeling-eling marang
kaluputan. 16 Imam tumuli ngakona wong
wadon iku maju, disebakna ing ngarsane
Sang Yehuwah. 17 Imam tumuli nggawaa
banyu suci diwadhahi genthong lemah,
sarta njupuka lebu kang ana ing jrambahe

Tarub Suci, dicemplungna ing banyu mau.
[18] Sawuse wong wadon iku disebakake ing
ngarsane Pangeran Yehuwah, rambute banjur
diudharana, epek-epeke ditumpangana kurban
pangeling-eling, yaiku kurban dhaharan
kasujanan, dene tangane imam didokokana
banyu pait kang malati. [19] Wong wadon mau
disumpaha dening imam kalawan ngucapna:
Manawa nyata kowe ora ditunggal turu dening
wong lanang liya, lan ora laku ngiwa, -- awit
kowe iku kawengku dening bojomu, -- kowe
kalisa ing banyu pait kang malati iki; [20] balik
manawa kowe nyata laku sedheng, temah
ndadekakake jembermu, marga ditunggal turu
dening wong lanang liya; -- mangka kowe
iku kawengku ing bojomu -- [21] ing kono
imam nyumpaha wong wadon mau klawan
sumpah ipat-ipat, sarta ngucapa marang wong
wadon mau, mangkene: Kowe didadekna
tadhahing-sumpah ipat-ipat dening Pangeran
Yehuwah ana ing tengahe bangsamu, pupumu
bakal dadi cilik sarta wetengmu dadi busung,
[22] marga banyu kang malati iki bakal manjing
ing awakmu, ndadekakake busunge wetengmu
lan cilike pupumu. Wong wadon mau banjur
ngucapa: Amin, amin.

[23] Imam banjur nulisa ipat-ipat iku mau ana
ing dluwang lan banjur ngilangana tulisan
iku klawan banyu pait iku, [24] banyu pait
kang nekakake walat iku banjur diombekna
marang wong wadon mau, sarta banyu
iku bakal lumebu ing awake lan njalari
wong mau banjur lara banget. [25] Imam

banjur njupuka kurbane dhaharan kasujanan
saka ing tangane wong wadon mau, sarta
kagoyanga ana ing ngarsane Sang Yehuwah
lan kagawaa menyang ing misbyah. 26 Kurban
dhaharan mau dijupuka sagegem dening imam
minangka pisungsung pangeling-eling lan
diobonga ana ing misbyah, sawuse mangkono
banyune tumuli kaombekna marang wong
wadon iku. 27 Sawuse mangkono, manawa
wong wadon iku nyata jember lan ora setya
marang bojone, mesthi banjur kelakon banyu
kang malati mau bakal manjing ing awake,
sarta njalari lara banget, temah wetenge dadi
busung lan pupune dadi cilik. Sabanjure wong
wadon iku bakal nandhang ipat-ipat ana ing
satengahing bangsane. 28 Balik manawa wong
wadon iku ora gawe kuceming awake, nanging
resik, mesthi bakal kalis lan bakal duwe anak."

29 Kaya mangkono angger-angger tumrap
kasujanan, manawa ana wong wadon kang
laku sedheng lan gawe jembering awake,
mangka kawengku ing bojone, 30 utawa
manawa wong lanang kadunungan rohing
kasujanan, nganti ndakwa somahe laku
sedheng, kang wadon nuli kasebakna
marang ngarsane Pangeran Yehuwah sarta
imam nindakna pranatan iku kabeh marang
wong wadon mau. 31 Kang lanang bakal
ora kaluputan, nanging kang wadon kang
nanggung wohing kaluputane.

Angger-angger bab dadi nazir

6:1-21

6 [1] Pangeran Yehuwah ngandika marang Nabi
Musa: [2] "Sira mratelakna marang wong
Israel lan tutura: Manawa ana wong lanang
utawa wadon kang nglairake nadar kang mligi,
yaiku nadaring wong nazir arep nyengker
awake dhewe sumaos marang Sang Yehuwah,
[3] iku kudu nyirik anggur lan sadhengah
omben-omben kang mendemi, aja ngombe
cokak anggur utawa ciyu kang mendemi,
sarta aja ngombe omben-omben kang asale
saka anggur, uga aja mangan woh anggur,
dadia kang isih anyar utawa kang wus garing.
[4] Salawase dadi nazir aja mangan sadhengah
olah-olahan kang saka wit anggur, dadia kang
wujud isi utawa pucuking pange. [5] Salawase
nindakake punagine anggone dadi nazir, sirahe
aja nganti kagepok ing lading panyukuran;
nganti tumeka saganeping dinane anggone
nyengker awake sumaos marang Pangeran
Yehuwah, tansah dadia sengkeran lan rambute
diingua. [6] Salawase anggone nyengker awake
sumaos marang Sang Yehuwah, aja nganti
nyedhaki jisim; [7] sanadyan kepaten bapakne
utawa biyunge, sadulure lanang utawa wadon,
iya aja nganti najisake awake marga saka iku,
awit kang dadi tandhaning kanaziran kagem
Gusti Allahe iku ana ing sirahe.

[8] Salawase anggone dadi nazir, awake dadia
sesengkerane Pangeran Yehuwah. [9] Nanging

saupama ana wong kang mati dadakan
ana ing sandhinge, kang njalari wong iku
najisake rambuting kanazirane, ing dinane
panucene banjur cukura, yaiku ing pitung
dinane anggone nyukur. [10] Dene ing wolung
dinane nggawaa manuk deruk loro utawa piyik
dara loro diladekna marang imam, menyang
ing ngarepe lawangane Tarub Pasewakan.
[11] Manuk mau kang siji disaosake dening imam
kanggo kurban pangruwating dosa, dene
sijine kanggo kurban obaran, sarta imam iku
nganakna pirukun kanggo wong mau marga
saka dosane cedhak jisim. Ing dina iku uga
sirahe kasucekna, [12] lan awake disengkera
maneh sumaos marang Pangeran Yehuwah,
klawan nggawa cempe lanang siji kang
umur setaun kanggo kurban dhendha. Dene
dina-dina kang wus kepungkur dianggepa
batal, marga rambuting kanazirane wus dadi
najis.

[13] Anadene iki angger-anggere tumrap wong
nazir: Samangsa wus ganep dinane anggone
punagi dadi nazir, wong mau banjur kagawaa
menyang ing ngarepe lawangane Tarub
Pasewakan, [14] tumuli nyaosna pisungsung
konjuk marang Pangeran Yehuwah, arupa
wedhus gembel lanang siji kang umur setaun
lan kang tanpa cacad, kanggo kurban obaran,
lan wedhus gembel wadon siji kang umur
setaun lan tanpa cacad, kanggo kurban
pangruwating dosa, sarta wedhus gembel
lanang siji kang tanpa cacad, kanggo kurban
slametan, [15] karomaneh roti tanpa ragi

sacething, yaiku roti bunder kang glepunge
pilihan, pangolahe nganggo lenga, lan roti tipis
tanpa ragi kang dioseri lenga, kanthi kurban
dhaharan lan kurban-kurban unjukan. 16 Iku
mau kabeh banjur kasaosna dening imam
marang ing ngarsaning Yehuwah sarta imam
iku nuli nyawisna kurban pangruwating dosa
lan kurban obaran mau; 17 wedhuse gembel
lanang mau iya dicawisna minangka kurban
slametan konjuk marang Pangeran Yehuwah
kanthi roti tanpa ragi sacething mau; karodene
kurbane dhaharan lan kurbane unjukan iya
dicawisna dening imam. 18 Wong nazir mau
tumuli nyukura rambuting kanazirane ana
ing ngarepe lawangane Tarub Pasewakan;
rambute kanaziran iku banjur dikukupa lan
kacemplungna ing geni kang ana ing ngisore
kurban slametan. 19 Sawuse mangkono imam
njupuka sampile wedhus lanang kang ngarep,
kang wus kaolah, karo roti bunder siji tanpa
ragi saka ing cething lan roti tipis tanpa ragi,
padha katumpangna ing epek-epeke wong
nazir kang wus nyukur rambuting kanazirane;
20 iku kabeh tumuli digoyangna dening imam
dadi pisungsung goyangan ana ing ngarsane
Yehuwah; iku kabeh dadi panduman suci
kanggo imam kanthi andhemane pisungsung
goyangan lan sampile pisungsung-mligi.
Sawuse mangkono, wong nazir mau lagi kena
ngombe anggur."

21 Iku mau angger-angger tumrap wong
nazir kang duwe punagi bakal ngunjukake
pisungsunge marang Sang Yehuwah

adhedhasar kanazirane, iku durung kapetung pisungsung kang wong mau bisa nyaosake, kajaba iku mau. Kaya kang dadi punagine kang wus dilairake, iya mangkonoa anggone nglakoni adhedhasar angger-anggering kanazirane.

Upacara manawa imam mberkahi

6:22-27

22 Pangeran Yehuwah ngandika marang Nabi
Musa: 23 "Sira ndhawuhana marang Harun
lan para anake: Anggonmu padha mberkahi marang wong Israel kalawan ngucapa mangkene:

24 Pangeran Yehuwah muga maringana
berkah marang kowe, lan ngayomana
kowe;
25 Pangeran Yehuwah muga nyunarna
cahyaning wadanane marang kowe, lan
maringana sihrahmat;
26 Pangeran Yehuwah muga karsaa
nungkulake wadanane marang kowe,
lan maringana tentrem rahayu.

27 Kaya mangkono anggonira padha kudu
ngetrapake asmaningSun marang wong Israel, temah bakal padha Sunberkahi."

Pisungsung nalika ngresmekake Tarub Suci

7:1-89

7 [1] Kacarita bareng Nabi Musa wus rampung
anggone ngadegake Tarub Suci, sarta
wus dijebadi lan disucekake dalah saprabote,
apadene misbyah sapirantine iya wus dijebadi
lan disucekake, lan sawuse iku kabeh padha
dijebadi lan disucekake, [2] para pemimpine
Israel, para panggedhene sukune banjur
padha nyaosake pisungsung. Wong-wong iku
kang dadi pangarepe taler kang mimpin nalika
dianakake cacah-jiwa. [3] Iku padha ngladekake
pisungsung marang ngarsane Sang Yehuwah
arupa kreta nem kang mawa tendha lan sapi
rolas. Saben pemimpin loro kreta siji, lan
sapi niji, tumuli padha diladekake menyang
ngarepe Tarub Suci. [4] Sang Yehuwah banjur
ngandika marang Nabi Musa: [5] "Kabeh iku
sira tampanana, kagawea ngladeni ayahan
ing Tarub Pasewakan; kabeh iku katampakna
marang wong Lewi, miturut kapreluaning
bubuhane dhewe-dhewe." [6] Nabi Musa banjur
nampeni kreta-kreta lan sapi-sapi mau,
sarta tumuli diparingake marang para wong
Lewi; [7] kreta loro lan sapi papat diparingake
marang bani Gerson, miturut kapreluaning
pagaweane, [8] kreta kang papat lan sapine wolu
diparingake marang bani Merari, miturut karo
kapreluaning pagaweane kang dipimpin dening
Itamar, putrane Imam Harun. [9] Nanging para

bani Kehat ora diparingi, sabab iku padha
kabubuhan rumeksa barang-barang kang suci,
kang pangusunge kudu dipikul.
10 Ing nalika misbyah kajebadan, para
pemimpin mau padha ngladekake pisungsung
kang kanggo ngresmekake misbyah; anggone
ngajokake pisungsung iku ana ing ngarepe
misbyah mau. 11 Pangeran Yehuwah ngandika
marang Nabi Musa: "Saben dina anaa
pemimpin siji kang ngladekake pisungsunge
kanggo memulya misbyah iku."
12 Kang ngladekake pisungsunge ing dina
kapisan iku Nahason bin Aminadab, saka taler
Yehuda. 13 Pisungsunge arupa: pinggan salaka
siji bobot satus telung puluh sekel lan bokor
panyiraman salaka siji bobot pitung puluh
sekel, ditimbang manut sekel suci, loro-lorone
padha kebak isi glepung gandum pilihan diwori
lenga, kanggo kurban dhaharan; 14 piring siji
bobot sepuluh sekel emas, kebak isi dupa,
15 apadene sapi lanang nom siji, wedhus
gibas lanang siji lan wedhus gibas siji kang
umur setaun, padha kanggo kurban obaran,
16 wedhus berok lanang siji, kanggo kurban
pangruwating dosa; 17 lan kang kanggo kurban
slametan: sapi loro, wedhus gibas lanang lima,
wedhus berok lanang lima, lan wedhus gibas
kang umur setaun lima. Iku mau pisungsunge
Nahason bin Aminadab.
18 Ing dina kang kapindho kang ngladekake:
Netaneel bin Zuar, pemimpine taler Isakhar.
19 Pisungsunge kang diladekake arupa:
pinggan salaka siji bobot satus telung puluh

sekel, lan bokor panyiraman salaka siji bobot
pitung puluh sekel, ditimbang miturut sekel
suci, loro-lorone padha kebak isi glepung
gandum pilihan, diwori lenga, kanggo kurban
dhaharan; 20 piring siji bobot sepuluh sekel
emas, kebak isi dupa; 21 apadene sapi lanang
nom siji, wedhus gibas lanang siji lan wedhus
gibas umur setaun, padha kanggo kurban
obaran; 22 wedhus berok siji kanggo kurban
pangruwating dosa; 23 lan kang kanggo kurban
slametan: sapi loro, wedhus gibas lanang
lima, wedhus berok lanang lima, sarta wedhus
gibas kang umur setaun lima. Iku mau kurban
pisungsunge Netaneel bin Zuar.
24 Ing dina kang katelu: pemimpine bani
Zebulon, yaiku: Eliab bin Helon. 25 Pisungsunge
arupa: pinggan salaka siji bobot satus telung
puluh sekel, lan bokor panyiraman salaka siji
bobot pitung puluh sekel, ditimbang miturut
sekel suci, loro-lorone padha kebak isi glepung
gandum pilihan, diwori lenga, kanggo kurban
dhaharan; 26 piring siji bobot sepuluh sekel
emas, kebak isi dupa; 27 sapi lanang nom siji,
wedhus gibas lanang siji lan wedhus gibas
umur setaun siji, kanggo kurban obaran;
28 wedhus berok lanang siji kanggo kurban
pangruwating dosa; 29 lan kang kanggo kurban
slametan: sapi loro, wedhus gibas lanang
lima, wedhus berok lanang lima, sarta wedhus
gibas kang umur setaun lima. Iku mau kurban
pisungsunge Eliab bin Helon.
30 Ing dina kang kaping papat: pemimpine
bani Ruben, yaiku Elizur bin Syedeur.

31 Pisungsunge arupa: pinggan salaka siji
bobot satus telung puluh sekel, lan bokor
panyiraman salaka siji bobot pitung puluh
sekel, ditimbang miturut sekel suci, loro-lorone
padha kebak isi glepung gandum pilihan,
diwori lenga, kanggo kurban dhaharan;
32 piring siji bobot sepuluh sekel emas, kebak
isi dupa; 33 sapi lanang nom siji, wedhus gibas
lanang siji, lan wedhus gibas umur setaun
siji, kanggo kurban obaran; 34 wedhus berok
lanang siji kanggo kurban pangruwating dosa;
35 lan kang kanggo kurban slametan sapi loro,
wedhus gibas lanang lima, wedhus berok lima,
sarta wedhus gibas umur setaun lima. Iku
mau kurban pisungsunge Elizur bin Syedeur.
36 Ing dina kang kaping lima: pemimpine
bani Simeon, yaiku Selamuel bin Zurisyadai.
37 Pisungsunge arupa: pinggan salaka siji
bobot satus telung puluh sekel, lan bokor
panyiraman salaka siji bobot pitung puluh
sekel, ditimbang manut sekel suci, loro-lorone
padha kebak isi glepung gandum pilihan,
diwori lenga, kanggo kurban dhaharan;
38 piring siji bobot sepuluh sekel emas, kebak
isi dupa; 39 sapi lanang nom siji, wedhus gibas
lanang siji, lan wedhus gibas umur setaun
siji, padha kanggo kurban obaran; 40 wehdus
berok siji kanggo kurban pangruwating dosa;
41 lan kang kanggo kurban slametan sapi loro,
wedhus gibas lanang lima, wedhus berok
lanang lima, lan wedhus gibas umur setaun
lima. Iku mau kurban pisungsunge Selamuel
bin Zurisyadai.

[42] Ing dina kang kaping nem, pemimpine bani
Gad, yaiku Elyasaf bin Rehuel. [43] Pisungsunge
arupa: pinggan salaka siji bobot satus telung
puluh sekel, lan bokor panyiraman salaka
siji bobot pitung puluh sekel, ditimbang
manut sekel suci, loro-lorone padha kebak
isi glepung gandum pilihan, diwori lenga,
kanggo kurban dhaharan; [44] piring siji bobot
sepuluh sekel emas, kebak isi dupa; [45] sapi
lanang nom siji, wedhus gibas lanang siji, lan
wedhus gibas umur setaun siji, kanggo kurban
obaran; [46] wedhus berok siji kanggo kurban
pangruwating dosa; [47] lan kang kanggo kurban
slametan sapi loro, wedhus gibas lanang
lima, wedhus berok lanang lima, lan wedhus
gibas umur setaun lima. Iku mau kurban
pisungsunge Elyasaf bin Rehuel.
[48] Ing dina kang kaping pitu: pemimpine
bani Efraim, yaiku Elisama bin Amihud.
[49] Pisungsunge arupa: pinggan salaka siji
bobot satus telung puluh sekel, lan bokor
panyiraman salaka siji bobot pitung puluh
sekel, ditimbang manut sekel suci, loro-lorone
padha kebak isi glepung gandum pilihan,
diwori lenga, kanggo kurban dhaharan; [50] karo
piring siji bobot sepuluh sekel emas, kebak isi
dupa; [51] sapi lanang nom siji, wedhus gibas
lanang siji, lan wedhus gibas umur setaun
siji, kanggo kurban obaran; [52] wedhus berok
lanang siji kanggo kurban pangruwating dosa;
[53] lan kang kanggo kurban slametan sapi loro,
wedhus gibas lanang lima, wedhus berok
lanang lima, sarta wedhus gibas umur setaun

lima. Iku mau kurban pisungsunge Elisama bin
Amihud.
54 Ing dina kang kaping wolu: pemimpine
bani Manasye, yaiku Gamaliel bin Pedazur.
55 Pisungsunge arupa: pinggan salaka siji
bobot satus telung puluh sekel lan bokor
panyiraman salaka siji bobot pitung puluh
sekel, ditimbang manut sekel suci, loro-lorone
padha kebak isi glepung gandum pilihan,
diwori lenga, kanggo kurban dhaharan; 56 karo
piring siji bobot sepuluh sekel emas, kebak isi
dupa; 57 sapi lanang nom siji, wedhus gibas
lanang siji, lan wedhus gibas umur setaun
siji, kanggo kurban obaran; 58 wedhus berok
lanang siji kanggo kurban pangruwating
dosa; 59 lan kang kanggo kurban slametan
sapi loro, wedhus gibas lanang lima, wedhus
berok lanang lima, sarta wedhus gibas umur
setaun lima. Iku mau pisungsunge Gamaliel
bin Pedazur.
60 Ing dina kang kaping sanga: pemimpine
bani Benyamin, yaiku Abidan bin Gideoni.
61 Pisungsunge arupa: pinggan salaka siji
bobot satus telung puluh sekel, lan bokor
panyiraman salaka siji bobot pitung puluh
sekel, ditimbang manut sekel suci, loro-lorone
padha kebak isi glepung gandum pilihan,
diwori lenga, kanggo kurban dhaharan,
62 piring siji bobot sepuluh sekel emas, kebak
isi dupa; 63 sapi lanang nom siji, wedhus gibas
lanang siji, lan wedhus gibas umur setaun
siji, kanggo kurban obaran; 64 wedhus berok
lanang siji kanggo kurban pangruwating dosa;

65 lan kang kanggo kurban slametan: sapi
loro, wedhus gibas lanang lima, wedhus berok
lanang lima, sarta wedhus gibas umur setaun
lima. Iku mau kurban pisungsunge Abidan bin
Gideoni.

66 Ing dina kang kaping sepuluh: pemimpine
bani Dhan, yaiku: Ahiezer bin Amisyadai.
67 Pisungsunge arupa: pinggan salaka siji
bobot satus telung puluh sekel, lan bokor
panyiraman salaka siji bobot pitung puluh
sekel, ditimbang manut sekel suci, loro-lorone
padha kebak isi glepung gandum pilihan,
diwori lenga, kanggo kurban dhaharan;
68 piring siji bobot sepuluh sekel emas, kebak
isi dupa; 69 sapi lanang nom siji, wedhus gibas
lanang siji lan wedhus gibas umur setaun
siji, kanggo kurban obaran; 70 wedhus berok
lanang siji kanggo kurban pangruwating dosa;
71 lan kang kanggo kurban slametan sapi loro,
wedhus gibas lanang lima, wedhus berok
lanang lima, sarta wedhus gibas umur setaun
lima. Iku mau kurban pisungsunge Ahiezer bin
Amisyadai.

72 Ing dina kang kaping sawelas: pemimpine
bani Asyer, yaiku Pagiel bin Okhran.
73 Pisungsunge arupa: pinggan salaka siji
bobot satus telung puluh sekel, lan bokor
panyiraman salaka siji bobot pitung puluh
sekel, ditimbang manut sekel suci, loro-lorone
padha kebak isi glepung gandum pilihan,
diwori lenga, kanggo kurban dhaharan;
74 piring siji bobot sepuluh sekel emas, kebak
isi dupa, 75 sapi lanang nom siji, wedhus gibas

lanang siji, lan wedhus gibas umur setaun
siji, padha kanggo kurban obaran, 76 wedhus
berok lanang siji kanggo kurban pangruwating
dosa, 77 lan kang kanggo kurban slametan sapi
loro, wedhus gibas lanang lima, wedhus berok
lanang lima, lan wedhus gibas umur setaun
lima. Iku mau kurban pisungsunge Pagiel bin
Okhran.
78 Ing dina kang kaping rolas: pemimpine bani
Naftali, yaiku: Ahira bin Enan. 79 Pisungsunge
arupa: pinggan salaka siji bobot satus telung
puluh sekel, lan bokor panyiraman salaka siji
bobot pitung puluh sekel, ditimbang manut
sekel suci, loro-lorone padha kebak isi glepung
gandum pilihan, diwori lenga, kanggo kurban
dhaharan; 80 piring siji bobot sepuluh sekel
emas, kebak isi dupa; 81 sapi lanang nom
siji, wedhus gibas lanang siji lan wedhus
gibas umur setaun siji, padha kanggo kurban
obaran, 82 wedhus berok lanang siji kanggo
kurban pangruwating dosa, 83 lan kang kanggo
kurban slametan sapi loro, wedhus gibas
lanang lima, wedhus berok lanang lima, lan
wedhus gibas umur setaun lima. Iku mau
kurban pisungsunge Ahira bin Enan.
84 Iki pratelane pisungsung kang saka
para pemimpin Israel kanggo mulyakake
misbyah nalika dijebadi, yaiku: pinggan salaka
rolas, bokor salaka rolas, piring mas rolas.
85 Pinggan salaka iku bobote nyatus telung
puluh sekel, bokor panyiraman mitung puluh
sekel; salakane sakehe piranti iku bobote
rong ewu patang atus sekel, ditimbang manut

sekel suci. 86 Piring mas rolas mau padha
kebak isi dupa, bobote piringe nyepuluh sekel,
ditimbang manut sekel suci, mase sakehe
piring mau bobot satus rong puluh sekel.
87 Gunggunge sapi kang kanggo kurban obaran
iku, sapi lanang nom rolas, karo wedhus gibas
lanang rolas, wedhus gibas umur setaun rolas,
kanthi kurbane dhaharan; lan wedhus berok
lanang kang kanggo kurban pangruwating
dosa rolas. 88 Gunggunge kewan kang kanggo
kurban slametan iku, sapi lanang nom patlikur,
karo wedhus gibas lanang sawidak, wedhus
berok lanang sawidak lan wedhus gibas kang
umur setaun sawidak. Iku mau pisungsung
kang kanggo mulyakake misbyah, sawuse
kajebadan.
89 Anadene manawa Nabi Musa lumebet
ing Tarub Pasewakan, arep imbal wacana
klawan Panjenengane, banjur mireng swara
kang mangandikani saka ing sadhuwure tutup
karukunan kang tumumpang ing pethining
angger-anggere Gusti Allah, saka ing antarane
kerub loro, mangkono anggone mangandikani.

Bab padamaran

8:1-4

8 1 Pangeran Yehuwah ngandika marang Nabi
Musa: 2 “Sira kandhaa marang Harun lan
tutura: Samangsa sira masang damar-damar
iku, damare pitu pisan bisaa madhangi ing
ngarepe padamaran.” 3 Rama Harun iya banjur
tumindak mangkono. Damare padha dipasang

madhep marang ing ngarepe padamaran, kaya
kang dadi dhawuhe Sang Yehuwah marang
Nabi Musa mau. 4 Anadene panggawene
padamaran iku mangkene: kang digawe emas
gemblengan; padamaran iku gemblengan,
dadia sikile utawa rerekane kembang; miturut
conto kang wus ketedahake dening Pangeran
Yehuwah marang Nabi Musa, kaya mangkono
panggawene padamaran mau.

Nucekake wong Lewi

8:5-22

5 Pangeran Yehuwah ngandika marang Nabi
Musa: 6 "Wong Lewi iku padha sira ajokna
saka ing tengahe wong Israel sarta padha
sira sucekna. 7 Dene anggonira nucekake iku
patrape mangkene: Padha sira kepyurana
banyu pambirating dosa; banjur cukura badan
sakojur lan padha ngumbaha sandhangane,
tumuli padha dadi suci. 8 Sawuse mangkono
tumuli padha njupuka sapi lanang nom
siji, karo kurbane dhaharan arupa glepung
gandum pilihan, diwori lenga, lan sira njupuka
sapi lanang nom siji engkas kanggo kurban
pangruwating dosa. 9 Wong Lewi banjur sira
ajokna menyang ngarepe Tarub Pasewakan;
sarta sira dhawuha marang sapasamuwane
wong Israel kabeh supaya padha nglumpuk.
10 Wong Lewi iku nuli padha sira ajokna
menyang ing ngarsane Yehuwah, lan wong
Israel padha numpangna tangane marang
wong Lewi iku; 11 karodene wong Lewi

iku padha digoyanga dening Harun dadi
pisungsung goyangan ana ing ngarsane
Sang Yehuwah saka wong Israel, supaya
padha nindakna bubuhane nglakoni ayahane
Sang Yehuwah. 12 Sawuse wong Lewi padha
numpangake tangane ing endhase sapi-sapi
nom mau, kang siji tumuli sira saosna dadi
kurban pangruwating dosa lan sijine kanggo
kurban obaran konjuk marang Sang Yehuwah,
kagawe nganakake karukunan tumrap para
wong Lewi mau. 13 Wong Lewi banjur sira
dhawuhana maju ana ing ngarepe Harun lan
ing ngarepe para anake, sarta sira goyanga
dadi pisungsung goyangan konjuk marang
Pangeran Yehuwah.

14 Kaya mangkono anggonira nucekake
para wong Lewi saka ing tengahe wong
Israel, supaya padha dadia kagunganingSun.
15 Sawuse mangkono wong Lewi lagi kena
lumebu nindakake ayahan ana ing Tarub
Pasewakan, yaiku samangsa wus padha sira
sucekake lan sira goyang dadi pisungsung
goyangan. 16 Awitdene kudu padha kasaosake
babar pisan marang Ingsun saka ing satengahe
wong Israel; minangka lirune sadhengaha
kang lair dhisik, iya liruning sakehe pambarepe
wong Israel, iku wus padha Sunpundhut
kagem Ingsun. 17 Awit sadhengah pambarepe
wong Israel iku kagunganingSun, dadia
manungsa utawa kewan. AnggoningSun
nyengker iku kabeh dadi kagunganingSun
iku nalikane Ingsun mateni sakehe para
pambarep ana ing tanah Mesir. 18 Jalaran saka

iku wong Lewi padha Sunpundhut dadi lirune
sakehe pambarep kang ana ing satengahe
wong Israel, 19 lan wong Lewi mau padha
Sunpasrahake saka ing satengahe wong
Israel minangka peparing marang Harun lan
para anake, supaya padha nindakna sakehe
ayahane wong Israel ana ing Tarub Pasewakan,
lan padha nganakna karukunan kanggo wong
Israel, supaya wong Israel aja nganti kena
wewelak samangsa padha nyedhaki marang
pasucen.”
20 Anadene Nabi Musa lan Rama Harun sarta
sapasamuwane wong Israel kabeh tumuli
padha nindakake mangkono marang para
wong Lewi; dene wong Israel iya padha
nindakake ceples kaya kang kadhawuhake
dening Sang Yehuwah marang Nabi Musa
tumrap wong Lewi mau. 21 Wong Lewi padha
mbirat dosane lan ngumbahi sandhangane,
banjur padha digoyang dening Harun dadi
pisungsung goyangan ana ing ngarsane Sang
Yehuwah; sawuse mangkono Rama Harun
nganakake pirukun kanggo wong-wong mau
supaya padha birat najise. 22 Sarampunge
iku wong Lewi padha lumebu, nindakake
ayahane ana ing Tarub Pasewakan, lan dadi
reh-rehane Rama Harun lan para putrane.
Kaya kang wus dadi dhawuhe Sang Yehuwah
marang Nabi Musa ing ngatase wong Lewi,
iya kaya mangkono kang kaetrapake marang
wong-wong mau.

Wiwitan lan wekasaning panyambutgawene wong Lewi

8:23-26

23 Pangeran Yehuwah tumuli ngandika
marang Nabi Musa, mangkene: 24 “Iki
pranatan kanggo wong Lewi: Saben wong
kang umur salawe taun sapandhuwur iku
kawajiban nindakake ayahan ngladeni ana
ing Tarub Pasewakan, 25 dene samangsa wus
nyandhak umur seket taun tumuli dililanana
mundur saka anggone leladi, wus ora prelu
nglakoni kuwajiban maneh. 26 Iya kalilan
saupama melu ngrewangi para sadulure ana
ing Tarub Pasewakan, mung bae wus ora prelu
leladi dhewe. Kaya mangkono pamatahira
marang para wong Lewi mungguh kang dadi
kuwajibane.”

Katetepan-katetepan tumrap riyaya Paskah

9:1-14

9 1 Pangeran Yehuwah ngandika marang
Nabi Musa ana ing pasamunan Sinai, ing
sasi kapisan taun kang kapindho sawetune
saka ing tanah Mesir: 2 “Wong Israel padha
ngriyayakna Paskah ing wektu kang wus
katemtokake, 3 ing sasi iki tanggal kaping
patbelas, ing wayah sore, ing wektu kang
wus katemtokake; anggone ngriyayakake
mituruta sakehe katetepan lan pranatane.”

4 Nabi Musa tumuli ndhawuhi wong Israel
supaya padha ngriyayakake Paskah; 5 banjur
iya padha ngriyadinake Paskah ing sasi
kapisan, tanggal kaping patbelas ing wayah
sore ana ing pasamunan Sinai; wong Israel
iya banjur padha tumindak ngetrepi dhawuhe
Pangeran Yehuwah marang Nabi Musa. 6 Nalika
samana ana wong sawatara kang najis marga
saka wong mati, temahan padha ora bisa
melu ngriyayakake Paskah ing dina iku,
mulane padha seba ing ngarsane Nabi Musa
lan Imam Harun bareng sadina iku uga,
7 lan matur: "Kula sami najis margi saking
jisim, kadospundi dene kula ngantos dipun
pambengi boten kalilan nyaosaken kurban
konjuk dhateng Sang Yehuwah wonten ing
satengahipun tiyang Israel ing wekdal ingkang
sampun katemtokaken?" 8 Nabi Musa banjur
ngandika marang wong-wong mau: "Padha
ngentenana dhisik, dakngrungokake apa kang
dadi dhawuhe Pangeran Yehuwah tumrap
kowe."

9 Pangeran Yehuwah banjur ngandika marang
Nabi Musa: 10 "Sira ndhawuhana marang
wong Israel mangkene: Manawa ana wong
panunggalanira utawa turunira kang najis
marga saka jisim, utawa sajrone lelungan
adoh, iku iya kudu ngriyayakake Paskah
konjuk marang Sang Yehuwah. 11 Anggone
netepi iku ing sasi kapindho tanggal patbelas,
ing wayah sore; anggone mangan Paskah iku
kanthia roti tanpa ragi lan jangan pait. 12 Aja
ana kang dingengehake tumeka ing esuke,

lan balunge aja diputung siji-sijia. Anggone
netepi iku mituruta sakehing pranatan Paskah.
[13] Manawa ana wong kang ora najis, lan
pinuju ora lelungan, mangka ngedhagake
Paskah, iku katumpesa saka ing antarane
bangsane, marga ora ngunjukake sesaosan
marang Sang Yehuwah ing wektu kang wus
katemtokake, wong iku nanggunga pikolehing
dosane. [14] Karodene manawa ana bangsa
liya kang manggon ing satengahira, arep
melu ngriyayakake Paskah konjuk marang
Pangeran Yehuwah, anggone netepi iku
mituruta katetepan lan pranatan Paskah. Ana
katetepan siji kang kanggo marang sira, iya
marang wong bangsa liya lan wong bumi.”

Tugu mega mimpin lakune wong Israel

9:15-23

[15] Ing dina madege Tarub Suci, megane
tumuli nutupi Tarub Suci, tarube angger-
anggering Allah; sarta saben bengi tumeka
esuk, mega iku katon kaya geni ana ing
sadhuwure Tarub Suci. [16] Salawase kelakon
mangkono iku; manawa wayah awan Tarub iku
katutupan mega, lan yen wayah bengi katon
kaya geni. [17] Samangsa megane mumbul saka
ing sadhuwure Tarub, wong Israel banjur
padha budhal, sarta ing ngendi mandhege
megane, ing kono wong Israel banjur padha
nancebake tarube. [18] Wong Israel anggone
budhal awit saka dhawuhe Sang Yehuwah, lan
iya awit saka dhawuhe Sang Yehuwah anggone

padha lereb. [19] Manawa megane nganti
sawatara lawas tetep ana ing sadhuwure
Tarub Suci, wong Israel padha nindakake
kuwajibane tumrap Pangeran Yehuwah, lan
ora budhal. [20] Terkadhang megane mau mung
sawatara dina ana ing sadhuwure Tarub Suci;
ing kono anggone padha lereb iku marga
saka dhawuhe Sang Yehuwah, lan anggone
budhalan iya marga saka dhawuhe sang
Yehuwah. [21] Nanging terkadhang megane iku
anggone mandheg wiwit sore tumeka esuk;
bareng wayah esuk megane mumbul, nuli
wong-wong iya padha budhal. [22] Mangkono
maneh manawa megane anggone mandheg
ana ing sadhuwure Tarub Suci iku nganti
rong dina, utawa nganti sesasi utawa luwih,
wong Israel iya tetep lereb, ora budhal;
nanging samangsa megane mumbul, banjur
lagi padha budhal. [23] Anggone padha leren
marga saka dhawuhe Sang Yehuwah, lan iya
marga saka dhawuhe Sang Yehuwah anggone
padha budhal; wong-wong iku tansah padha
nindakake kuwajibane tumrap Sang Yehuwah,
miturut saka dhawuhe Sang Yehuwah lumantar
Nabi Musa.

Pratandha unine kalasangka

10:1-10

10 [1] Pangeran Yehuwah ngandika marang
Nabi Musa, mangkene: [2] "Sira gawea
kalasangka selaka loro; kang digawe selaka
gemblengan, iku padha dianggoa nglumpukake

umat Israel lan kanggo mbudhalake wadya-
bala. [3] Samangsa kalasangka loro iku
diunekake, wong sapasamuwan kabeh padha
nglumpuka seba marang sira ana ing ngarep
lawang Tarub Pasewakan. [4] Nanging manawa
mung siji kang diunekake, iku kang kudu
seba marang sira para pemimpin, para
panggedhening wadya-bala Israel. [5] Manawa
sira ngunekake tengara, para wadya-bala
kang manggon ing sisih wetan iku padha
budhala, [6] manawa sira padha ngunekake
tengara kaping pindhone, umat kang manggon
ing sisih kidul iku padha budhala; manawa
budhal padha nganggoa tengara ngganter.
[7] Balik manawa nglumpukake pasamuwan,
sira iya ngunekna kalasangka, mung ora
ngganter. [8] Kang padha ngunekake kalasangka
iku para imam anake Harun; lan iku dadi
pranatan langgeng marang turun-turunira.
[9] Karodene samangsa sira ana ing tanahira
padha nglurug perang nglawan mungsuh kang
gawe ribedira, sira iya aweha tengara nganggo
kalasangka, temah sira bakal padha diengeti
ana ing ngarsane Pangeran Yehuwah Allahira,
sarta padha kaluwaran saka ing mungsuhira.
[10] Mangkono maneh ing dina kabungahanira,
lan ing dina riyayanira apadene ing sasi
anyar, sira iya ngunekna kalasangka mbarengi
enggonira nyaosake kurban obaran lan
kurban slametan; temah bakal padha dadi
pangeling-eling ana ing pangayunane Allahira.
Ingsun iki Yehuwah, Allahira.”

Budhal saka gunung Sinai

10:11-36

[11] Kacarita ing taun kang kapindho, sasi
kapindho tanggal rong puluh, megane
mumbul saka ing Tarub Suci, panggonaning
angger-anggere Gusti Allah. [12] Wong Israel
banjur padha budhal saka pasamunane
gunung Sinai miturut tatananing budhale,
anadene mandhege mega ana ing pasamunan
Paran. [13] Iku lakune kang wiwitan miturut
dhawuhe Sang Yehuwah lantaran Nabi Musa.
[14] Kang lumaku ana ing ngarep dhewe
golongan kang ngaub marang panji-panjine
bani Yehuda miturut bagean-bageane, kang
mimpin golongan iku: Nahason bin Aminadab,
[15] kang mimpin golongan talere bani Isakhar
iku: Netaneel bin Zuar; [16] lan kang mimpin
golongan talere bani Zebulon iku: Eliab
bin Helon. [17] Sawuse mangkono Tarub Suci
tumuli dibongkar, sarta para bani Gerson lan
bani Merari banjur padha budhal ngusung
Tarub Suci mau. [18] Iku nuli kasambungan
golongan kang ngaub marang panji-panjine
Ruben miturut bagean-bageane; kang mimpin
golongan iku: Elizur bin Syedeur; [19] dene
kang mimpin golongan talere bani Simeon
iku: Selumiel bin Zurisyadai; [20] lan kang
mimpin golongan talere bani Gad iku: Elyasaf
bin Rehuel. [21] Iku banjur kasambung para
bani Kehat, kang ngusung piranti pasucen;
sadurunge iku padha teka, Tarub Suci wus

diedegake. 22 Nuli kang sumambung maneh
golongan kang ngaub marang panji-panjine
bani Efraim miturut bagean-bageane; 23 kang
mimpin golongan iku: Elisama bin Amihud;
dene kang mimpin golongan talere bani
Manasye iku: Gamaliel bin Pedazur; 24 lan kang
mimpin golongan talere bani Benyamin iku:
Abidan bin Gideoni. 25 Barisan kang buri dhewe
golongan kang ngaub marang panji-panjine
bani Dhan miturut bagean-bageane, kang
mimpin golongan iku: Ahiezer bin Amisyadai,
26 dene kang mimpin golongan talere bani
Asyer iku: Pagiel bin Okhran; 27 kang mimpin
golongan talere bani Naftali iku: Ahira bin
Enan. 28 Kaya mangkono mau urut-urutaning
lakune wong Israel samangsa padha budhal.
29 Anadene Nabi Musa ngandika marang
Sang Hobab, putrane Imam Rehuel wong
Midian, marasepuhe Nabi Musa, mangkene:
“Lakuku padha menyang panggonan kang
wus kadhawuhake dening Pangeran Yehuwah,
pangandikane: Iku bakal Sunparingake
marang sira. Mulane kowe bok melu aku,
mesthi bakal padha dakrengkuh becik, marga
Sang Yehuwah wus njanjekake kang becik
tumrap Israel.” 30 Nanging atur wangsulane
marang Nabi Musa: “Kula boten tumut,
kula badhe mantuk dhateng tanah kula lan
dhateng panggenanipun kula-wangsa kula.”
31 Pangandikane Nabi Musa: “Aku aja kok
tinggal ta, awitdene ana ing pasamunan kene
kowe kang weruh, ngendi kang kena padha
dakenggo lereb, mulane kowe dadia juru tuduh

dalan kanggo aku kabeh. [32] Manawa kowe
melu aku, kabecikan kang bakal ditandukake
dening Sang Yehuwah marang aku, iya bakal
padha daktandukake marang kowe.” [33] Tumuli
padha budhal saka ing gununge Pangeran
Yehuwah, dohe nganti lakon telung dina,
sarta pethining prasetyane Pangeran Yehuwah
diusung ana ing ngarep dhewe sajroning
lumaku telung dina mau, golek panggonan
kanggo lereb. [34] Dene samangsa budhal
saka ing palereban, ing wayah awan padha
kaeyuban ing megane Sang Yehuwah.
[35] Anadene saangkate pethi, Nabi Musa
munjuk marang Pangeran Yehuwah
mangkene: “Dhuh Yehuwah, Paduka mugi
karsaa jumeneng, supados mengsah Paduka
sami pating slebar saha tiyang-tiyang
ingkang sami sengit dhumateng Paduka sami
keplajenga saking ngarsa Paduka.” [36] Dene
samangsa pethine mandheg, unjuke Nabi
Musa: “Dhuh Yehuwah, Paduka mugi karsaa
wangsul dhateng ing satengahing umat Israel
ingkang atusan ewon punika.”

Genine Pangeran Yehuwah

11:1-3

11 [1] Kacarita ing sawijining dina wong
sabangsa padha ngresula ana ing
ngarsane Pangeran Yehuwah ing bab kaanane
kang ora kapenak. Bareng Pangeran Yehuwah
mireng bab iku, banjur duka; genine Sang
Yehuwah banjur murub ana ing antarane, lan

memangsa ana ing tepis-wiringe palereban.
2 Wong sabangsa iku tumuli padha sambat-
sambat marang Nabi Musa, sarta Nabi Musa
banjur ndedonga marang Pangeran Yehuwah,
temah genine sirep. 3 Awit saka iku panggonan
kono mau kaaranan Tabera, marga genine
Sang Yehuwah murub ana ing satengahe.

Pangeran Yehuwah prajanji bakal maringi daging

11:4-23

4 Anadene wong rucah kang ana ing antarane
padha kathukulan budi srakah, temahan wong
Israel banjur katut nangis maneh, pangucape:
“Sapa kang bakal menehi daging marang aku?
5 Aku padha kelingan manawa mangan daging
ana ing tanah Mesir tanpa tuku, apadene
timun lan semangka, loncang, brambang sarta
bawang. 6 Nanging saiki awakku padha kuru
aking, ora ana apa-apa kajaba mung man iki.”
7 Mungguh man iku memper ketumbar lan
warnane kaya blendok bedolah. 8 Wong-wong
padha mlayu slira-sliri anggone ngrakupi,
banjur digiling srana panggilingan utawa
didheplok ana ing lumpang, nuli diolah ana
ing kuwali digawe roti bunder-bunder, rasane
kaya glepung kang digoreng. 9 Saben bengi
manawa ebun tumurun ing palereban, ing
kono iya tumuli kasasaban man.
10 Bareng Nabi Musa midhanget wong
sabrayat-sabrayat padha nangis ana ing
lawanging tarube, banget mulad-mulad

bebendune Pangeran Yehuwah, sarta Nabi
Musa piyambak iya nganggep bab iku ora
becik. [11] Nuli munjuk marang Sang Yehuwah:
“Kadospundi dene tangkep Paduka dhumateng
abdi Paduka kok awon makaten, punapaa
kawula boten pikantuk sih-palimirma wonten
ing ngarsa Paduka, dene kawula ngantos
Paduka paringi tanggel-jawab tumrap
tiyang sabangsa punika sadaya? [12] Punapa
kawula ingkang ngandhut bangsa punika
sadaya, punapa inggih kawula ingkang
nglairaken, dene ngantos Paduka dhawuhi:
Sira boponga, kaya emban anggone mbopong
pasusone, kagawaa menyang tanah kang wus
Sunprasetyakake klawan sumpah marang
para leluhure. [13] Saking pundi anggen kawula
pikantuk daging ingkang saged kawula
sukakaken dhateng tiyang sabangsa punika
sadaya? Awit sami nangis dhateng kawula saha
pangucapipun: Kula mugi panjenengan paringi
daging, badhe kula tedha. [14] Kawula boten
kuwawi nyanggi piyambak tanggel-jawab
tumrap tiyang sabangsa punika sadaya, awit
punika kawraten tumrap kawula. [15] Wondene
manawi tangkep Paduka dhateng kawula
kados makaten, inggih aluwung kawula
Paduka pejahana kemawon, manawi kawula
saestu pikantuk sih-mirma wonten ing ngarsa
Paduka, supados kawula boten ngantos
nyumerepi cilaka kawula.”

[16] Pangeran Yehuwah nuli ngandika marang
Nabi Musa: “Sira nglumpukna ana ing
ngarsaningSun wong lanang pitung puluh

panunggalane para pinituwane Israel, kang
padha sira sumurupi, yen iku padha dadi
pinituwa lan pemimpine bangsa; iku padha sira
ajokna menyang ngarepe Tarub Pasewakan,
lan padha ngadega ana ing kono karo sira.
17 Nuli Ingsun bakal tumedhak sarta bakal
ngandikan karo sira ana ing kono, nuli Roh
kang ana ing sira iku bakal salong Sunpundhut,
Sundunungake ing wong-wong mau, banjur
bakal padha ngrewangi sira mikul tanggung-
jawab tumrap bangsa iku, supaya aja sira
pikul dhewe. 18 Nanging wong sabangsa mau
padha sira dhawuhana mangkene: Padha
sesucia kanggo ing dina sesuk, nuli kowe
bakal padha mangan daging; marga kowe wus
padha nangis ana ing ngarsaning Yehuwah,
kanthi pangucapmu: Sapa kang bakal aweh
daging marang aku? Ana ing tanah Mesir
kaananku kabeh rak becik banget ta? Kang
iku Sang Yehuwah bakal maringi daging
marang kowe, kang bakal kokpangan. 19 Ora
mung sadina anggonmu padha mangan, ora
mung rong dina, ora limang dina, ora sepuluh
dina, ora rong puluh dina, 20 nanging nganti
sesasi muput, nganti metu saka ing irungmu
lan nganti kowe padha unek-uneken, marga
kowe wus padha nyingkur marang Pangeran
Yehuwah kang ana ing tengahmu sarta padha
nangis ana ing ngarsane kanthi pangucapmu:
Apa ta prelune aku padha metu saka ing tanah
Mesir?” 21 Nanging unjuke Nabi Musa: “Bangsa
ingkang kawula tunggil punika cacahipun nem
atus ewu sami lumampah dharat, mangka

kok wonten dhawuh Paduka: Bakal padha
Sunparingi daging kang dipangan nganti sesasi
muput. 22 Punapa badhe sami kapragataken
menda utawi lembu ingkang cekap kangge
tiang samanten punika? Utawi punapa
badhe kapendhetaken sakathahipun ulam
ing saganten ngantos nyekapi?” 23 Nanging
pangandikane Sang Yehuwah marang Nabi
Musa: “Apa ta pangwasane Pangeran Yehuwah
iku kurang kanggo nindakake kang mangkono
iku? Ing samengko sira bakal sumurup apa
kang Sundhawuhake iku bakal kelakon tumrap
sira kabeh!”

Pinituwaning bangsa pitung puluh

11:24-30

24 Nabi Musa tumuli miyos sarta ndhawuhake
pangandikane Pangeran Yehuwah marang
wong sabangsa, karomaneh nglumpukake
wong pitung puluh panunggalane para
pinituwane umat, padha didhawuhi ngadeg
ing saubenge tarub. 25 Pangeran Yehuwah
banjur tumedhak ing sajroning mega sarta
ngandika marang Nabi Musa; karomaneh
Roh kang dumunung ing Nabi Musa iku
salong kapundhut, kaparingake marang para
pinituwa pitung puluh iku. Kacarita bareng
padha kadunungan Roh, tumuli padha medhar
wangsit kaya nabi, nanging sawuse iku wus
ora maneh.
26 Anadene ing palereban isih ana wong loro
kang kari, kang siji jenenge Eldad, sijine

Medad, kang iya padha kapanjingan ing Roh,
iku iya kalebu panunggalane kang kacathetan,
nanging padha ora melu metu menyang tarub,
mulane iya banjur padha medhar wangsit
kaya nabi ana ing palereban. 27 Banjur ana
sawijining wong nom lumayu ngaturi uninga
marang Nabi Musa, ature: “Eldad kaliyan
Medad sami medhar wangsit wonten ing
palereban.” 28 Yusak bin Nun, kang wiwit nom
mula dadi abdine Nabi Musa, tumuli matur:
“Dhuh bendara kula Musa, mugi panjenengan
pambengi!” 29 Nanging banjur dipangandikani
dening Nabi Musa: “Yagene nganti samono
anggonmu mbelani aku? Sokur manawa umate
Sang Yehuwah kabeh padha dadi nabi, marga
padha kaparingan Rohe Pangeran Yehuwah!”
30 Nabi Musa banjur tindak wangsul menyang
ing pakemahan kadherekake dening para
pinituwane Israel mau.

Manuk gemak

11:31-35

31 Tumuli ana angin midid kang asale saka
Pangeran Yehuwah, kang nggawa manuk
gemak saka ing pinggire segara banjur
kasebar ana ing sadhuwure palereban sarta
ing saubenge, ing keblat papat, nganti watara
lakon sadina, dhuwure saka ing lemah watara
rong asta. 32 Wong-wong banjur padha
tumandang nglumpukake manuk gemak mau
nganti sadina muput lan sawengi natas, dalah
esuke iya sadina muput maneh; saben wong

siji anggone nglumpukake sathithik-sathithike
sapuluh homer, tumuli padha didhendheng
disebar ana ing saubenge palereban. 33 Nalika
daginge iku isih ana ing cangkem, durung
nganti kamamah, banjur mulad-mulad
bebendune Pangeran Yehuwah marang wong
sabangsa, padha kagebag ing wewelak kang
abot banget dening Sang Yehuwah. 34 Awit
saka iku panggonan kono katelah aran:
Kibrot-Taawa, marga ana ing kono anggone
padha ngubur wong-wong kang srakah.
35 Saka ing Kibrot-Taawa umat mau banjur
budhal menyang Hazerot, tumuli lereb ana ing
kono.

Pambalelane Ibu Miryam lan Imam Harun

12:1-16

12 1 Kacarita Ibu Miryam lan Imam Harun
padha nutuh marang Nabi Musa
prakara wong wadon bangsa Etiopia kang
wus dipundhut garwa, marga panjenengane
pancen wus mundhut garwa wong bangsa
Etiopia iku. 2 Pangucape Ibu Miryam lan Imam
Harun: "Apa Pangeran Yehuwah iku anggone
maringake pangandika mung lumantar
Musa bae, apa ora iya lumantar kita uga?"
Mangka kang mangkono mau kapiyarsa
dening Sang Yehuwah. 3 Anadene Nabi Musa
iku luwih dening alus bebudene, ngungkuli
sakehe wong ing salumahe bumi. 4 Padha
sanalika Sang Yehuwah banjur ngandika
marang Nabi Musa lan Imam Harun sarta

Ibu Miryam: “Sira wong telu padha sebaa
menyang Tarub Pasewakan.” Wong telu iku
tumuli iya padha seba. 5 Pangeran Yehuwah
banjur tumedhak ana ing sajroning tugu
mega, lan jumeneng ana ing lawanganing
tarub, tumuli nimbali Imam Harun lan Ibu
Miryam. Sakarone iya padha banjur ngadhep.
6 Panjenengane nuli ngandika: “Samengko
sira padha ngrungokna pangandikaningSun
iki: Manawa ing satengahira ana nabi,
anggoningSun ngatingal marang wong iku
sarana wahyu, lan anggoningSun maringi
pangandika sarana impen: 7 ora kaya
mangkono mungguh abdiningSun Musa, iku
tumemen ana ing sapadalemaningSun kabeh,
8 aben lesan anggoningSun ngandikan, klawan
terus terang, ora klawan cangkriman, malah
nganti kalilan ndeleng pasemone Pangeran
Yehuwah. Kang iku yagene sira kok ora
wedi nutuh marang abdiningSun Musa iku?”
9 Ing kono mulad-mulad bebendune Sang
Yehuwah marang wong loro mau sarta tumuli
jengkar. 10 Bareng megane wus pindhah saka
ing sadhuwure tarub, lah Ibu Miryam iku
nandhang memala saraat, rupane putih kaya
salju; nalika Imam Harun noleh marang Ibu
Miryam, katon wus nandhang memala saraat.
11 Imam Harun banjur matur marang
Nabi Musa: “Ah dhimas, dosa iki bok
aja katempuhake marang aku sakloron,
kang tumindak mangkono ing sajroning
kabodhoanku. 12 Keng bakyu aja ditegakake
ing sajroning kaanan kaya bayi lair wus mati

iku, kang nalika metu saka ing guwa garbane
ibune, daginge wus setengah bosok.” [13] Nabi
Musa tumuli sesambat marang Pangeran
Yehuwah, unjuke: “Dhuh Allah, Paduka
mugi karsaa nyarasaken piyambakipun.”
[14] Pangandikane Sang Yehuwah marang Nabi
Musa: “Saupama diidonana raine dening
bapakne, apa ora nandhang kawirangan
nganti pitung dina? Dheweke kasetrakna ana
ing sajabane pakemahan nganti pitung dina,
sawuse mangkono kena ditampani maneh.”
[15] Ibu Miryam dadine banjur disetrakake ana
ing sajabane palereban lawase pitung dina;
lan wong-wong padha ora budhal sadurunge
Ibu Miryam katampan maneh. [16] Sawuse
mangkono banjur budhal saka ing Hazerot,
banjur padha lereb ana ing pasamunan Paran.

Caritane para telik rolas

13:1-33

13 [1] Pangeran Yehuwah ngandika marang
Nabi Musa, mangkene: [2] “Sira
nglakokna wong sawatara kang nelik marang
tanah Kanaan, kang bakal Sunparingake
marang wong Israel; saben talering leluhure
kapiliha wong siji, padha panunggalane para
pemimpin.” [3] Nabi Musa banjur ngirimake
wong kang bakal padha nelik mau saka ing
pasamunan Paran, miturut dhawuhe Sang
Yehuwah, kabeh iku pemimpine wong Israel.
[4] Dene pratelane jeneng-jenenge yaiku: Saka
taler Ruben: Syamua bin Zakur; [5] saka taler

Simeon: Safat bin Hori; 6 saka taler Yehuda:
Kaleb bin Yefune; 7 saka taler Isakhar: Yigal
bin Yusuf; 8 saka taler Efraim: Hosea bin Nun;
9 saka taler Benyamin: Palti bin Rafu; 10 saka
taler Zebulon: Gadhiel bin Sodi; 11 saka talere
Yusuf, iya talere Manasye: Gadi bin Susi;
12 saka taler Dhan: Amiel bin Gemali; 13 saka
taler Asyer: Setur bin Mikhael; 14 saka taler
Naftali: Nakhbi bin Wofsi; 15 saka taler Gad:
Guel bin Makhi. 16 Iku jenenge wong kang
padha kautus dening Nabi Musa nelik marang
tanah iku; dene Hosea bin Nun iku diparingi
jeneng: Yusak dening Nabi Musa.

17 Anadene Nabi Musa anggone ngutus
wong mau nelik tanah Kanaan iku padha
diweling mangkene: "Mangkata, saka kene
njujuga tanah Negeb, lan padha munggaha ing
pagunungan, 18 titipriksanen kaanane nagara
iku, mangkono uga bangsa kang ngenggoni,
rosa apa ringkih, cacahe sathithik apa akeh;
19 sarta nagara kang dienggoni, becik apa
ala; karodene kutha-kuthane kang dienggoni,
padha manggon ing tarub apa omah-omah
kang santosa, 20 kapriye kaanane tanahe,
loh apa cengkar, apa akeh wit-witane apa
ora. Padha ditatag lan nggawaa pametune
tanah sawatara." Anadene nalika iku mbeneri
mangsa miwiti ngundhuh woh anggur.

21 Wong mau tumuli padha mangkat, nelik
tanah iku wiwit saka ing pasamunan Zin
tutug ing Rehob, ing dalan kang anjog ing
Hamat; 22 kang diliwati dhisik tanah Negeb,
banjur tekan ing Hebron; Ahiman, Sesai lan

Talmai, turune Enak padha manggon ing kono.
Mungguh madege Hebron iku luwih dhisik
pitung taun tinimbang Soan ing tanah Mesir.
23 Satekane ing lebak Eskol, padha ngethok
pange wit anggur dalah wohe sadhompol,
banjur dipikul wong loro; mangkono uga
padha nggawa woh delima lan woh anjir
sawatara. 24 Panggonan mau kaaranan lebak
Eskol, marga saka dhompolan woh anggur
kang dikethok dening wong Israel ana ing
kono.
25 Sawuse patang puluh dina anggone nelik
tanah iku banjur padha bali, 26 tumuli terus
sowan marang ngarsane Nabi Musa, Imam
Harun lan sagolonganing pasamuwane wong
Israel ana ing Kadesy ing pasamunan Paran,
ngaturi pratela marang panjenengane lan
marang wong sapasamuwan kabeh, klawan
padha dituduhi pametune tanah. 27 Caritane
mangkene: "Anggen kula sami panjenengan
utus dhateng ing nagari punika inggih sampun
kelampahan saged lumebet, mangka sayektos
nagari wau luber puwan lan madu, lah
punika angsal-angsalipun. 28 Amung kemawon
bangsa ingkang ngenggeni nagari punika sami
prakosa, saha kitha-kithanipun kiyat santosa
saha langkung dening ageng, punapa malih
wonten ing ngriku kula inggih sami sumerep
turunipun Enak. 29 Tiyang Amalek ingkang
ngenggeni tanah Negeb, tiyang Het, tiyang
Yebus lan tiyang Amori sami manggen ing
pareden, wondene tiyang Kanaan manggen
ing sauruting pasisir lan sauruting benawi

Yarden.” 30 Ing kono Kaleb banjur mbudi-daya
nentremake atine wong sabangsa ana ing
ngarsane Nabi Musa, pangucape: “Boten!
Kula sadaya sami badhe majeng nglurug,
ngejegi nagari punika, margi temtu badhe kita
kawonaken!” 31 Nanging para kanca barengane
mrana padha celathu mangkene: “Kita boten
keconggah nempuh bangsa punika, margi
langkung kiyat tinimbang kita.” 32 Wong-wong
mau padha aweh pawarta kang ala marang
wong Israel bab tanah kang wus ditelik
mau, celathune: “Nagari ingkang sampun
kula dlajahi lan kula telik punika nagari
ingkang mangsa tiyang ingkang ngenggeni,
sarta sakathahipun tiyang ingkang sampun
sami kula tingali wonten ing ngrika punika
dedeg-pangadegipun inggil-inggil. 33 Wonten
ing ngriku kula inggih sami ningali tiyang-
tiyang ingkang ageng inggil nggegirisi, tiyang
Enak ingkang asalipun saking tiyang-tiyang
pangawak redi, saha kula ningali badan kula
piyambak sami kadosdene walang, sarta
tiyang punika anggenipun ningali kula inggih
makaten.”

Umat Israel padha mbalela

14:1-38

14 1 Ing kono wong saumat kabeh padha
mbengok, sarta wong sabangsa iku
padha nangis sawengi natas, 2 karodene padha
ngedumeli marang Nabi Musa lan Imam Harun,
sarta padha matur: “Adhuh bok inggiha kula

sami pejah wonten ing tanah Mesir kemawon,
utawi wonten ing pasamunan ngriki! 3 Punapaa
dene kula sami dipun bekta dening Pangeran
Yehuwah dhateng tanah ngriki supados sami
tiwas dening pedhang, saha anak semah kula
sami badhe dados tawanan? Punapa boten
langkung prayogi kula sami wangsul kemawon
dhateng tanah Mesir?" 4 Apamaneh padha
sapocapan mangkene: "Ayo padha ngangkat
pemimpin banjur bali menyang tanah Mesir."
5 Nabi Musa lan Imam Harun tumuli padha
sumungkem ing bumi ana ing ngarepe
sagolongane pasamuwane wong Israel;
6 nanging Yusak bin Nun lan Kaleb bin Yefune,
panunggalane kang wus padha nelik tanah
iku, padha nyuwek sandhangane, 7 sarta
tutur marang wong saumat Israel kabeh,
pangucape: "Tanah kang wus padha daktelik
lan dakdlajahi, iku tanah kang luwih dening
becik. 8 Manawa kita dadi keparenging
panggalihe Pangeran Yehuwah, kita mesthi
bakal padha kelakon diirid lumebu ing nagara
iku lan nagara iku bakal diparingake marang
kita, nagara kang luber puwan lan madu.
9 Mung bae aja padha mbalela marang Sang
Yehuwah, lan aja wedi marang bangsa ing
nagara kono, marga mesthi bakal kita ganyang
nganti entek. Wong-wong mau wus koncadan
kang dadi pangayomane, mangka Pangeran
Yehuwah nunggil kalawan kita, mulane
wong-wong iku aja padha kokwedeni." 10 Ing
kono wong saumat kabeh padha ngancam
arep mbenturi watu marang Yusak lan Kaleb;

nanging kamulyane Pangeran Yehuwah nuli
ngetingal marang wong Israel kabeh ana ing
Tarub Pasewakan.
11 Pangeran Yehuwah banjur ngandika
marang Nabi Musa: "Bakal nganti pira lawase
bangsa iku anggone ngremehake marang
Ingsun, lan bakal nganti besuk apa anggone
ora kumandel marang Ingsun, sanajan
wus ana pratandha pirang-pirang kang wus
Suntindakake ana ing satengahe. 12 Bangsa iki
bakal Sungebag kalawan pageblug lan bakal
Suntumpes, nuli sira iku bakal Sundadekake
bangsa kang luwih gedhe lan luwih kuwasa
tinimbang karo iku." 13 Nanging unjuke
Nabi Musa marang Sang Yehuwah: "Manawi
bangsa Mesir mireng bab punika, mangka
Paduka ingkang sampun ngentasaken bangsa
punika saking tanganipun kanthi kasekten
Paduka, 14 temtu badhe cariyos dhateng tiyang
ingkang sami manggen ing nagari ngriki,
ingkang sampun sami mireng, bilih Paduka
Pangeran Yehuwah, wonten ing tengahipun
bangsa punika, saha bilih Paduka sampun
ngatingal dhateng bangsa punika kalayan aben
ajeng, saha bilih sami kaeyuban ing mega
Paduka, punapa malih anggen Paduka ngirid
lampahipun punika manawi siyang srana tugu
mega, manawi dalu srana tugu latu. 15 Pramila
manawi bangsa punika Paduka pejahi ngantos
telas, para bangsa ingkang sampun sami
mireng pawartos bab Paduka, temtu badhe
sami reraosan makaten: 16 Sarehne Pangeran
Yehuwah ora keconggah ngirid lumebu bangsa

iku menyang tanah kang wus diprasetyakake
klawan supaos, mulane padha ditumpes ana
ing pasamunan. [17] Ingkang punika mugi ing
samangke pangwaos Paduka sageda tetela
luhuripun, nyondhongi pangandika Paduka,
wiraosipun: [18] Pangeran Yehuwah iku luwih
dening sabar sarta luber sih-kamirahane, kang
ngapura kaluputan lan panerak, sanajan kang
nglakoni mesthi ora luput saka paukuman,
malah malesake durakane para bapa ana ing
anakputu, turun ping telu lan ping pat. [19] Mugi
Paduka karsaa ngapunten kalepatanipun
bangsa punika, awit saking gunging kamirahan
Paduka, inggih kados anggen Paduka sampun
karsa ngapunten kalepatanipun bangsa punika
wiwit saking tanah Mesir ngantos dumugi ing
ngriki."

[20] Pangeran Yehuwah tumuli ngandika:
"Iya wus padha Sunapura, kaya kang dadi
panyuwunira. [21] Mung bae, demi Ingsun
agesang lan salumahing bumi kebekan
kaluhuraning Yehuwah: [22] sakehe wong
kang wus weruh ing kaluhuraningSun lan
pratandha-pratandha mukjijad kang wus
Suntindakake ana ing tanah Mesir lan ing
pasamunan, mangka wus padha nyoba marang
Ingsun nganti rambah ping sepuluh iki, sarta
padha ora gelem ngrungokake dhawuhingSun,
[23] iku mesthi ora bakal padha ndeleng tanah
kang wus Sunprasetyakake klawan supaos
marang para leluhure! Sakehe wong kang
wus nyampahi marang Ingsun, mesthi ora
ana kang bakal ndeleng. [24] Mung abdiningSun

Kaleb, sarehne kadunungan budi kang beda
karo liyane, sarta mantep anggone ndherek
marang Ingsun, iku bakal Sunbekta lumebu
ing tanah kang wus kelakon didlajahi, lan
turune bakal padha ngebeki. 25 Anadene wong
Amalek lan wong Kanaan padha manggon ana
ing lebak. Sesuk sira padha balia, budhala
menyang ing pasamunan, nuju marang segara
Teberau.” 26 Pangeran Yehuwah ngandika
maneh marang Nabi Musa lan Imam Harun:
27 “Nganti pira lawase umat kang ala iku
anggone bakal padha nggrundeli marang
Ingsun? Ingsun wus miyarsa panggrundele
wong Israel kang katujokake marang
Ingsun, 28 padha sira dhawuhana mangkene:
Pangandikane Sang Yehuwah: Demi Ingsun
agesang, mesthi sira padha Suntanduki
apa kang wus padha sira ucapake ana ing
ngarsaningSun. 29 Jisimira bakal padha pating
glethak ana ing pasamunan, iya iku sakehe
panunggalanira kang wus padha kacathetan,
kang umur rong puluh taun sapandhuwur
ora ana kang kajabakake, amarga sira wus
padha ngadumeli marang Ingsun. 30 Sira bakal
padha ora kelakon lumebu ing tanah kang
wus Sunprasetyakake kalawan supaos yen
bakal padha sira enggoni, kajaba mung Kaleb
bin Yefune lan Yusak bin Nun. 31 Dene anak-
anakira kang padha sira arani yen bakal dadi
tawanan, iku kang bakal padha Sunirid lumebu
ing kono, supaya iku padha ngawruhana tanah
kang padha sira tampik. 32 Balik mungguh
sira, jisimira bakal padha pating glethak ana

ing pasamunan iki, 33 dene anak-anakira bakal
padha nglambrang kayadene pangon ana ing
pasamunan kene lawase patang puluh taun,
bakal padha nanggung kamursalanira, nganti
sira wus padha mati tumpes-tapis ana ing
pasamunan kene. 34 Anggonira bakal padha
nyangga kaluputanira iku lawase nganti patang
puluh taun, miturut cacahing dina enggonira
padha nelik marang tanah iku, patang puluh
dina; sadina dietung setaun, supaya sira
padha ngerti rasane, manawa sira Sunsingkur.
35 Ingsun, Yehuwah, kang mangandikani iki.
Lah iku mau bakal Suntandukake kabeh
marang sagolongane wong kang ala iki.
Kang wus padha sarujukan nglawan marang
Ingsun; mesthi bakal padha tumpes ana ing
pasamunan kene lan ana ing kene anggone
bakal padha mati."

36 Anadene wong kang padha kautus dening
Musa nelik tanah, mangka sabaline banjur
ndadekake sagolongane wong kabeh padha
ngedumeli marang Nabi Musa, marga saka
anggone nglairake pawarta kang ala ing
ngatase tanah mau, 37 wong iku padha mati
kena ing wewelake Pangeran Yehuwah;
38 panunggalane wong kang wus padha nelik
tanah, mung Yusak bin Nun lan Kaleb bin
Yefune kang padha lestari urip.

Anggone merangi perangan kidul kalah

14:39-45

39 Bareng Nabi Musa wus rampung anggone
ndhawuhake pangandika iku mau marang
wong Israel kabeh, wong-wong padha banget
susahe. 40 Esuke isih repet-repet banjur
padha tangi, sumedya munggah ing pucake
gunung, ature: “Lah sapunika kula sami
badhe majeng nglurug ing panggenan ingkang
kadhawuhaken dening Pangeran Yehuwah,
kula pancen sampun sami damel dosa.”
41 Nanging pangandikane Nabi Musa: “Yagene
kowe padha arep nglirwakake pangandikane
Pangeran Yehuwah? Sedyamu mangkono
mau ora bisa kelakon. 42 Aja padha nglurug,
marga Sang Yehuwah mesthi ora nunggil
karo kowe, aja nganti kowe padha kagecak
dening mungsuhmu, 43 awit wong Amalek lan
wong Kanaan padha ana ing ngarepmu kono,
lan kowe bakal padha tiwas dening pedhang;
awitdene kowe wus padha nyingkur marang
Pangeran Yehuwah, dadine Sang Yehuwah
iya ora bakal nunggil karo kowe.” 44 Ewadene
wong-wong mau padha nekad munggah ing
pucake gunung, nanging pethining prasetyane
Sang Yehuwah lan Nabi Musa ora mingked
saka papan palereban. 45 Wong Amalek lan
wong Kanaan kang padha manggon ing
pagunungan kono banjur padha mudhun lan
nempuh marang wong-wong mau, temah
padha keplayu nganti tutug ing Horma.

Bab kurban genenan

15:1-21

15 [1] Pangeran Yehuwah ngandika marang
Nabi Musa mangkene: [2] “Sira kandhaa
marang wong Israel mangkene: Besuk
samangsa sira wus padha lumebu ing tanah
kang bakal Sunparingake marang sira dadi
papan padununganira, [3] sarta sira padha
arep nyaosake kurban genenan marang
Sang Yehuwah, kurban obaran utawa kurban
sembelehan, kanggo ngluwari punagi, utawa
kanggo pisungsung manasuka, apadene
ing dina riyayanira, minangka ganda arum
konjuk marang Pangeran Yehuwah kang arupa
sapi utawa wedhus, [4] wong kang nyaosake
kurbane marang Pangeran Yehuwah mau
nganggoa dikantheni kurban dhaharan arupa
glepung pilihan saprasepuluh efa, kaolah
nganggo lenga saprasepuluh hin, [5] lan kanggo
kurbane obaran utawa kurbane sembelehan
iku saben wedhus siji sira kanthenana
anggur saprapat hin kanggo kurban unjukan.
[6] Nanging manawa kurbane iku awujud
wedhus gibas lanang, saben wedhus sira
kanthenana kurban dhaharan arupa glepung
pilihan rong prasepuluh efa, kaolah nganggo
lenga sapratelon hin, [7] lan anggur sapratelon
hin kanggo kurban unjukan, iku mau padha
sira saosna minangka ganda arum konjuk
marang Sang Yehuwah. [8] Manawa sapi kang
sira saosake dadi kurban obaran utawa kurban

sembelehan, kanggo ngluwari punagi, utawa
kanggo kurban slametan konjuk marang
Pangeran Yehuwah, [9] sapi siji dikanthenana
kurban dhaharan arupa glepung gandum
pilihan telung prasepuluh efa diolah nganggo
lenga satengah hin, [10] lan sira nyaosna
anggur satengah hin kanggo kurban unjukan.
Iku kurban genenan, kang gandane njalari
renaning panggalihe Pangeran Yehuwah.
[11] Siji-sijine sapi utawa wedhus gibas lanang
sarta wedhus gibas utawa wedhus jawa, iku
digawea kaya mangkono mau. [12] Sapira cacahe
kewan kang sira olah, siji-sijine digawea kaya
mangkono uga.

[13] Saben wong Israel asli manawa nyaosake
kurban genenan, kang gandane njalari
renaning panggalihe Pangeran Yehuwah,
iku nindakna kaya mangkono mau. [14] Dene
manawa ana wong bangsa liya kang neneka
utawa wong liyane kang manggon ana ing
tengahira utawa ing satengahe turunira besuk,
mangka iku arep nyaosake kurban genenan,
kang gandane gawe renaning panggalihe Sang
Yehuwah, iku patrape iya padha karo kang
sira tindakake. [15] Kanggo wong sapasamuwan
ngamungna ana pranatan siji kanggo sira lan
kanggo wong bangsa liya kang neneka, dadia
pranatan langgeng kanggo sira kabeh nganti
saturun-turunira. [16] Tunggal angger-angger
lan tunggal pathokan kang kanggo marang
sira kabeh lan wong bangsa liya kang neneka
ana ing tengahira.”

[17] Pangeran Yehuwah ngandika maneh
marang Nabi Musa: [18] "Sira kandhaa marang
wong Israel mangkene: Besuk samangsa
sira wus padha lumebu ing tanah kang dadi
tujuane anggoningSun ngirid, [19] manawa sira
padha mangan roti pametune nagara iku, nuli
sira padha ngladekna pisungsung mligi konjuk
marang Pangeran Yehuwah. [20] Sira padha
ngladekna saka glepungira kang kawitan
arupa roti bunder siji, minangka pisungsung
mligi kang saka ing papan panutonira.
[21] Glepungira kang wiwitan iku sira olaha
kanggo pisungsung-mligi konjuk marang
Pangeran Yehuwah, turun-tumurun."

Bab dosa kang ora kajarag

15:22-31

[22] "Anadene manawa sira tanpa kajarag
nganti nglirwakake salah sijine pepakon kang
wus kadhawuhake dening Pangeran Yehuwah
marang Musa, [23] yaiku samubarang kang
wus kadhawuhake dening Yehuwah marang
sira lumantar Musa, wiwit dinane anggone
Sang Yehuwah ndhawuhake lan sabanjure
turun-tumurun, [24] saupama bab iku dilakoni
tanpa kajarag lan ora nganti kaweruhan ing
pasamuwan, nuli wong saumat kabeh olaha
sapi lanang nom siji kanggo kurban obaran,
kang gandane gawe renaning panggalihe
Pangeran Yehuwah, kanthi kurban dhaharan
lan kurban unjukan, miturut tatanan; uga
wedhus berok siji kanggo kurban pangruwating

dosa. 25 Dene imam banjur nganakna pirukun
kanggo wong Israel saumat kabeh, temah
bakal padha kaparingan pangapura, marga
prakara iku kelakone tanpa kajarag lan wus
padha nyaosake pisungsung-pisungsunge
minangka kurban genenan konjuk marang
Sang Yehuwah, lan uga kurban pangruwating
dosane ana ing ngarsane Pangeran Yehuwah,
marga saka bab kang ora kajarag mau.
26 Wong Israel saumat kabeh bakal padha oleh
pangapura, dalah bangsa liya kang neneka
ana ing tengahira, awitdene kang kaluputan
tanpa kajarag iku mau wong sabangsa kabeh.
27 Mangkono maneh manawa mung wong siji
kang gawe dosa tanpa kajarag, iku nyaosna
wedhus wadon kang umur setaun minangka
kurban pangruwating dosa, 28 dene imam
tumuli nganakna pirukun ana ing ngarsane
Pangeran Yehuwah kanggo wong kang
kaluputan gawe dosa tanpa kajarag mau,
supaya oleha pangapura, awit wus dianakake
pirukun. 29 Dadia kanggo wong Israel asli
utawa kanggo bangsa liya kang neneka ana
ing tengahira, mung ana angger-angger siji
kang kanggo wong-wong mau, tumrap anane
wong kang nglakoni kaluputan tanpa kajarag.
30 Balik mungguh wong kang nindakake
apa-apa kanthi kajarag, dadia wong Israel
asli utawa bangsa liya, iku dadine nyenyamah
marang Sang Yehuwah, wong iku katumpesa
saka ing satengahe bangsane, 31 marga wus
ngremehake marang pangandikaning Yehuwah

sarta mbubrah pranatane; wong iku poma
katumpesa, katempuhna nyangga durakane."

Bab wong kang nerak pranatan Sabat

15:32-36

32 Nalika wong Israel padha ana ing
pasamunan, ana kang meruhi sawijining wong
ripik-ripik kayu obong pinuju ing dina Sabat,
33 wong-wong kang ngonangi banjur nggawa
wong mau marang ing ngarsane Nabi Musa
lan Imam Harun, sarta wong saumat kabeh.
34 Wonge tumuli dilebokake ing tahanan,
marga durung ana katemtuan bab putusane.
35 Pangeran Yehuwah banjur ngandika marang
Nabi Musa: "Wong iku poma kaukuma pati;
dibenturana watu dening wong Israel saumat
kabeh ana ing sajabane palereban." 36 Wonge
tumuli diirid dening wong saumat kabeh
menyang ing sajabane palereban, sarta
dibenturi watu nganti mati, kaya kang dadi
dhawuhe Pangeran Yehuwah marang Nabi
Musa.

Bab gombyok pepenget

15:37-41

37 Pangeran Yehuwah ngandika marang Nabi
Musa, mangkene: 38 "Sira kandhaa marang
wong Israel, padha sira tuturana supaya
padha gawe gombyok ana ing pojoking
jubahe tekan saturun-turune, gombyok mau
padha kaetrapana tampar wungu semu biru.

[39] Tampar mau dadia pepeling marang sira,
supaya samangsa sira padha ndeleng iku,
sira padha elinga marang sakehe pepakene
Sang Yehuwah, sarta padha sira estokna, aja
nganti nuruti atinira lan pamawasing mripatira
maneh, kaya kang wus kerep sira tindakake,
yaiku anggonira ora setya marang Pangeran
Yehuwah. [40] Iya supaya sira tansah padha
eling lan ngestokake sakehe pepakeningSun,
lan padha dadia suci kagem Allahira. [41] Ingsun
iki Yehuwah, Allahira, kang wus ngentasake
sira saka ing tanah Mesir, supaya Ingsun dadia
Allahira; Ingsun iki Yehuwah, Allahira.”

Korakh, Datan lan Abiram padha mbalela

16:1-50

16 [1] Kacarita Korakh bin Yishar bin Kehat
bin Lewi sakuthon karo Datan lan
Abiram, padha anake Eliab lan On bi Pelet,
telu-telune wong Ruben, padha mbalela,
ngajak wong-wong, [2] mbalela marang Nabi
Musa, bebarengan karo wong Israel rong atus
seket, padha panggedhene umat, kang pinilih
dening pasamuwan, kabeh padha wong kajen,
[3] iku padha nglumpuk ngrubung Nabi Musa
lan Imam Harun, sarta matur: “Sapunika
sampun cekap! Tiyang saumat sadaya punika
suci, sarta Pangeran Yehuwah wonten ing
tengahipun; ingkang punika kadospundi, dene
panjenengan kok sami ngluhuraken sarira
ngungkuli pasamuwanipun Sang Yehuwah?”
[4] Bareng Nabi Musa midhanget prakara

iku banjur sumungkem sujud, 5 sawuse
tumuli ngandika marang Korakh lan marang
grombolane kabeh: “Sesuk Pangeran Yehuwah
bakal maringi katrangan sapa kang dadi
kagungane, lan sapa kang suci, iya iku kang
dililani sowan ing ngarsane; wong kang
bakal kapilih, bakal diparengake sowan ing
ngarsane. 6 Kowe padha nindakna mangkene:
Padha njupuka padupan, he Korakh lan kowe
kabeh grombolane, 7 padha dekekana geni lan
dupa ana ing ngarsane Pangeran Yehuwah,
sesuk-esuk nuli wong kang kapilih dening
Sang Yehuwah, iku kang suci. Wus cukup
samene bae, eh para bani Lewi!”
8 Nabi Musa banjur nyambeti pangandikane
marang Korakh: “He, wong bani Lewi, padha
ngrungokna! 9 Apa durung cukup tumrap
kowe, anggonmu wus padha dibedakake
dening Gusti Allahe Israel saka ing antarane
umat Israel, diparengake sowan marang ing
ngarsane, supaya kowe padha nglakoni ayahan
ana ing Tarub Sucine Pangeran Yehuwah,
sarta ngladeni pasamuwan, 10 kowe dalah para
sadulurmu wong bani Lewi kabeh padha kalilan
sowan, mangka saiki kowe kok padha ngarah
kalenggahan imam? 11 Mulane kowe dalah
grombolanmu kabeh banjur sakuthon nglawan
marang Pangeran Yehuwah; sapa ta Imam
Harun iku, dene kok padha kokgrundeli?”
12 Anadene Nabi Musa wus utusan nimbali
Datan lan Abiram, para anake Eliab, nanging
iku pangucape: “Aku padha emoh mara. 13 Apa
durung cukup anggonmu nggawa aku kabeh

metu saka ing tanah kang luber puwan lan
madu, arep kokpateni ana ing pasamunan,
dene saiki kok isih bae anggonmu nguwasani
marang aku kabeh. 14 Satemene aku ora
padha kokgawa menyang tanah kang luber
puwan lan madu, iya ora padha kokwenehi
pategalan utawa pakebonan anggur minangka
tanah-pusaka; mangsa bisaa kowe mblithuk
wong-wong iku! Aku padha emoh mara!”
15 Nabi Musa banget dukane, banjur munjuk
marang Pangeran Yehuwah: “Sesaosanipun
mugi sampun Paduka tampeni, kawula boten
nate mendhet kuldinipun namunga satunggal
kemawon, saha dhateng tiyang-tiyang wau
satunggal kemawon, dereng nate kula
nandukaken piawon.”
16 Nabi Musa banjur ngandika marang
Korakh: “Kowe lan sagrombolanmu kabeh
sesuk padha sebaa marang ngarsane Pangeran
Yehuwah, iya kowe dalah wong-wong iku sarta
Imam Harun. 17 Siji-sijine padha nggawaa
padupan lan dokokana dupa, nuli kowe padha
nyaosna padupanmu dhewe-dhewe marang
ngarsane Sang Yehuwah, padupan rong atus
seket iji; mangkono uga kowe lan Imam
Harun, nggawaa padupanmu dhewe-dhewe!”
18 Tumuli iya kelakon, siji-sijine nggawa
padupane, diwenehi geni lan didokoki dupa,
sarta padha ngadeg ana ing ngarep lawang
Tarub Pasewakan, mangkono uga Nabi Musa
lan Imam Harun. 19 Bareng Korakh wus
nglumpukake sagrombolane kabeh sarta
nglawan panjenengane sakloron ana ing

ngarep lawang Tarub Pasewakan, cahya
kamulyane Pangeran Yehuwah ngatingal
marang wong sapasamuwan kabeh. [20] Sang
Yehuwah tumuli ngandika marang Nabi Musa
lan Imam Harun: [21] "Sira padha sumingkira
saka ing tengahe golongan iku, nuli bakal
padha Suntumpes ing sakedhap netra."
[22] Nabi Musa lan Imam Harun tumuli padha
sumungkem sarta matur: "Dhuh Gusti, Allah
ingkang mengku rohipun sawarnining tumitah.
Tiyang satunggal ingkang damel dosa, punapa
inggih Paduka lajeng badhe maringi bebendu
dhateng pasamuwan punika sadaya?"
[23] Pangeran Yehuwah ngandika marang
Nabi Musa: [24] "Sira ndhawuhana marang
umat iku mangkene: Padha sumingkira
saka ing tarube Korakh, Datan lan Abiram."
[25] Nabi Musa banjur jumeneng murugi
tarube Datan lan Abiram, kadherekake
dening para tuwa-tuwane Israel, [26] tumuli
ngandika marang wong saumat kabeh: "Padha
sumingkira saka ing tarube wong iki lan aja
nganti nggepok apa-apane kang dadi duweke,
supaya kowe aja nganti katut katumpes marga
saka dosane!" [27] Wong-wong banjur padha
sumingkir saka ing saubenge tarube Korakh,
Datan lan Abiram. Datan lan Abiram banjur
padha metu ngadeg ana ing lawanging tarube
karo somahe, sarta anak-anake gedhe-cilik.
[28] Sawuse mangkono Nabi Musa tumuli
ngandika: "Marga saka lelakon iki kowe bakal
padha sumurup, manawa aku diutus dening
Sang Yehuwah supaya nindakake prakara

iki kabeh, dadi ora saka karepku dhewe,
29 manawa wong-wong iku padha mati kaya
salumrahe manungsa, lan bakal ngalami kaya
kang dialami dening saben wong, dadi aku ora
diutus dening Sang Yehuwah. 30 Balik manawa
Pangeran Yehuwah nganakake lelakon kang
durung tau kelakon, yaiku manawa bumi
ngengakake cangkeme nguntal wong-wong
iku dalah apa bae kang kadarbe, temah
urip-uripan anggone kacemplung ing jagade
wong mati, dadi kowe bakal ngreti, yen
wong-wong iku wus padha nyampahi marang
Pangeran Yehuwah.” 31 Lagi bae Nabi Musa
kendel anggone ngandika mangkono, bumi
kang dienciki wong-wong mau bengkah,
32 sarta ngangapake cangkeme lan nguntal
wong-wong mau dalah brayate, apadene
sagrombolane Korakh kabeh lan sabarang
darbeke. 33 Kaya mangkono wong-wong mau
urip-uripan padha kacemplung ing jagade
wong mati dalah wong sagrombolane kabeh;
banjur kasasaban ing bumi, padha tumpes
sirna saka ing satengahing pasamuwan.
34 Wong-wong Israel kang ana ing saubenge
kabeh padha lumayu ngadoh awit krungu
panjerite, awit osiking atine: “Mengko bumi
gek padha nguntal kita uga!” 35 Karomaneh
ana geni metu saka ing Pangeran Yehuwah
kang mangsa wong rong atus seket kang
padha nyaosake padupan iku mau.

36 Pangeran Yehuwah banjur ngandika
marang Nabi Musa: 37 “Eleazar anake Imam
Harun dhawuhana njupuki padupan saka

ing papane geni kang nyalad lan genine
kapencarna kang adoh, marga kabeh iku
sengkeran, 38 padupane wong kang padha
dosa kang wus nombokake nyawane; pada
kagemblenga kang tipis kagawea mblongsong
misbyah, marga wus disaosake ana ing
ngarsane Pangeran Yehuwah, mulane kabeh
iku wus padha dadi sengkeran; sarta padha
dadia pratandha tumrap wong Israel.” 39 Imam
Eleazar tumuli njupuki padupan tembaga
sesaosane wong-wong kang wus kobong
mau, banjur digembleng kagawe mblongsong
misbyah. 40 Iku kanggo pangeling-eling tumrap
wong Israel, supaya saliyane tedhake Imam
Harun aja ana kang seba ngobong dupa ana
ing ngarsane Pangeran Yehuwah lan aja ana
kang tumindak kaya Korakh sagrombolane
mau, nocogi kaya anggone wus kadhawuhan
dening Pangeran Yehuwah lumantar Nabi
Musa.

41 Nanging esuke wong Israel saumat kabeh
padha pating kedumel mapali marang Nabi
Musa lan Imam Harun, ature: “Panjenengan
ingkang sami mejahi umatipun Sang
Yehuwah.” 42 Kacarita bareng umat mau padha
mapali nglawan Nabi Musa lan Imam Harun,
sarta padha ngadhepake Tarub Pasewakan,
lah tarube tumuli katon kalimputan ing mega,
sarta cahya kamulyaning Yehuwah ngetingal.
43 Nabi Musa lan Imam Harun banjur padha
sowan marang ing ngarepe Tarub Pasewakan.

44 Pangeran Yehuwah nuli ngandika marang
Nabi Musa: 45 “Sira padha sumingkira saka

ing satengahe umat iki, wong-wong iku
bakal padha Suntumpes sakedhap netra.”
Karone banjur padha sumungkem sujud.
46 Nabi Musa tumuli ngandika marang Imam
Harun: “Padupane jupuken, wenehana geni
saka ing misbyah, lan dokokana dupa, umat
iku enggal paranana lan nganakna pirukun
kanggo wong-wong iku, awitdene bebendune
Pangeran Yehuwah wus mulad-mulad,
wewelak mau wus wiwit nempuh.” 47 Imam
Harun banjur mendhet padupan kaya kang
dadi dhawuhe Nabi Musa, sarta enggal-enggal
lumayu menyang ing satengahe para umat,
lan wewelake wus katon wiwit nempuh marang
wong-wong mau, genine nuli didokoki dupa
sarta nganakake pirukun kanggo bangsa iku.
48 Bareng Imam Harun jumeneng ana ing
antarane wong kang wus mati lan kang isih
urip, wewelake leren. 49 Anadene cacahe kang
mati dening wewelak iku mau ana patbelas
ewu pitung atus, iku kajaba kang padha mati
awit saka prakarane Korakh. 50 Imam Harun
tumuli murugi Nabi Musa ana ing ngarepe
lawang Tarub Pasewakan; wewelake wus sirep.

Tekene Imam Harun metu kembange

17:1-13

17 1 Sawuse mangkono Pangeran Yehuwah
ngandika marang Nabi Musa: 2 “Sira
clathua marang wong Israel sarta sira
jalukana teken siji kanggo saben taler, sakehe
pemimpine miturut talere leluhure, masrahna

siji-siji, dadi kabeh ana teken rolas. Teken
mau siji-sijine katulisana jenenge pemimpin
kang nduweni, 3 nanging tekene Lewi iku
sira tulisana jenenge Harun. Dadi saben
pemimpin taler kudu ana teken siji. 4 Teken
mau banjur padha sira selehna ana ing jero
Tarub Pasewakan ing ngarepe pethining
angger-angger ing papan kang adat saben
Sunagem pepanggihan klawan sira kabeh.
5 Wong kang Sunpilih iku tekene bakal
semi; kaya mangkono anggoningSun bakal
ngendhakake panggrundele wong Israel kang
ditujokake marang sira, temah bakal wus
ora prelu Sunpireng maneh.” 6 Nabi Musa
banjur ndhawuhake iku marang Israel, tumuli
saben pemimpin ngaturake teken siji, miturut
talering leluhure, dadi kabeh ana teken
rolas lan tekene Imam Harun iya awor karo
teken-teken iku. 7 Teken mau banjur padha
diselehake dening Nabi Musa ana ing ngarsane
Pangeran Yehuwah ing tarub angger-anggering
Allah. 8 Kacarita esuke bareng Nabi Musa
lumebet ing tarube papan angger-angger, lah
lantarane Imam Harun kang kaetung talere
Lewi wus semi, metu kudupe lan kembange
sarta woh saked kang mateng. 9 Nabi Musa
tumuli ngasta sakehe teken iku mau saka
ing ngarsane Pangeran Yehuwah menyang
ngarepe wong Israel kabeh; wong-wong
padha ndeleng iku lan banjur njupuk tekene
dhewe-dhewe.

10 Pangeran Yehuwah tumuli ngandika
marang Nabi Musa: “Tekene Harun iku

sira balekna maneh menyang ing ngarepe
pethi angger-angger, kasimpena minangka
pratandha kanggo para wong kang duraka,
temah panggrundele wus sira ilangi lan ora
Sunpireng maneh, supaya aja padha mati.”
11 Nabi Musa iya banjur nindakake apa kang
kadhawuhake dening Pangeran Yehuwah,
kabeh dilampahi mangkono. 12 Nanging wong
Israel padha matur marang Nabi Musa:
“Lah kula punika tamtu badhe pejah, badhe
katiwasan, inggih sami badhe tiwas bilai
sadaya. 13 Sinten-sintena ingkang nyelaki
Tarub Suci kagunganipun Sang Yehuwah,
temtu nemahi pejah. Punapa kula badhe sami
badhe tiwas sadaya?”

Kuwajiban lan pametune para imam lan bani Lewi

18:1-32

18 1 Pangeran Yehuwah ngandika marang
Imam Harun: “Sira lan anak-anakira
dalah turune leluhurira kudu padha nyangga
sadhengah kaluputan marang ing pasucen;
sabanjure mung sira lan anak-anakira kang
nanggung sadhengah kaluputan, kang
dilakoni ing sajroning kalenggahanira imam.
2 Mangkono uga para sadulurira talere Lewi,
iya talere leluhurira iya konen seba bareng
karo sira supaya padha dadi kanthinira
lan ngladenana marang sira, nalika sira
dalah anak-anakira padha ngadhep ana ing
Tarube angger-angger. 3 Padha nglakonana

kuwajibane ngladeni marang sira, lan tumrap
ing satarub kabeh; nanging aja nganti padha
nyedhaki marang pirantine pasucen lan
marang misbyah, supaya aja nemahi pati, iya
wong-wong iku iya sira dhewe. 4 Kudu padha
dadi kanthinira lan nglakonana kuwajibane
tumrap ing Tarub Pasewakan miturut sakehe
ayahan ing tarub iku, nanging wong-wong
lumrah aja ana kang nyedhaki sira. 5 Dene
sira iku kang padha rumeksa marang pasucen
lan misbyah, supaya wong Israel aja nganti
padha kataman bebendu maneh. 6 Lah Ingsun
wus mundhut para sadulurira wong Lewi saka
ing antarane wong Israel minangka peparing
marang sira kang sumaos marang Pangeran
Yehuwah, supaya padha nglakonana ayahan
ana ing Tarub Pasewakan; 7 nanging sira
dalah anak-anakira padha dadia imam lan
nindakna samubarang kang magepokan karo
misbyah lan tumrap sadhengah apa kang ana
ing saburine geber, iku padha sira tindakna;
bubuhanira kaimaman iku anggoningSun
maringake marang sira minangka ganjaran;
wong lumrah kang nyedhak ing kono kaukuma
pati.”

8 Ana maneh pangandikane Pangeran
Yehuwah marang Imam Harun mangkene:
“Lah Ingsun wus maringi bubuhan marang
sira rumeksa marang pisungsung-mligi kagem
Ingsun; sakehe pisungsunge sengkeran
wong Israel Sunparingake marang sira lan
anak-anakira minangka pandumanira; iku
katetepan kanggo ing salawase. 9 Mungguh

sesengkeran kang suci pinunjul, yaiku kang
ora kudu kaobong, iku dadia bageanira,
iya sarupane sesaosan kang arupa kurban
dhaharan utawa kurban pangruwating dosa
sarta kurban dhendha kang disaosake marang
Ingsun, iku bagean suci pinunjul kang
dadi pandumanira lan anak-anakira. 10 Iku
kapangana minangka panduman kang suci
pinunjul. Sakehe wong lanang kena mangan;
iku pandumanira kang sengkeran. 11 Sarta
kang kasebut iki iya dadia pandumanira:
pisungsung-mligi yaiku sesaosane liyane,
kalebu uga pisungsung goyangan leladene
wong Israel, Sunparingake marang sira
dalah saanak putunira lanang lan wadon, iku
dadia pranatan kanggo ing salawase. Saben
gegelitaning brayatira kang ora najis kena
mangan iku. 12 Sakehe lenga pilihan lan anggur
pilihan apadene gandum, iya wiwitaning
pametu kang padha disaosake marang Sang
Yehuwah, iku Sunparingake marang sira;
13 wiwitaning pametune sadhengah kang
thukul ana ing bumine kang disaosake marang
Pangeran Yehuwah, iku iya dadi pandumanira;
saben gegelitaning brayatira kang ora najis
kena mangan iku. 14 Kabeh kang kasengker
kagem Sang Yehuwah ana ing wewengkone
Israel iku dadi bageanira. 15 Sadhengah kang
lair dhisik saka wetenganing angger daging,
kang disaosake marang Pangeran Yehuwah,
dadia arupa manungsa utawa kewan, iku dadia
pandumanira. Nanging pambarepe manungsa
iku sira tebusa; mangkono uga pambarepe

kewan kang karam iya katebusa. 16 Anadene
dhuwit tebusane iku, tumrap manungsa wiwit
umur sesasi tebusane miturut sapamurwatira,
dhuwit limang sekel selaka, miturut sekelan
pasucen; sekel iki bobote ana rong puluh gera.
17 Nanging pambarepe sapi, wedhus gibas
utawa wedhus jawa, iku aja sira tebus, kabeh
iku padha dadia sengkeran, getihe kasiramna
ing misbyah lan gajihe kaobonga dadi kurban
genenan, kang gandane njalari renaning
panggalihe Pangeran Yehuwah; 18 dene
daginge iku dadi pandumanira, kayadene
pisungsung dhadha lan sampile kang
tengen, iku iya dadi pandumanira. 19 Sakehe
pisungsung-mligi sengkeran kang padha
dipisungsungake dening wong Israel marang
Pangeran Yehuwah, iku Sunparingake marang
sira dalah saanak-anakira lanang lan wadon,
minangka pranatan kang kanggo ing salawase,
iku prajanjian kang mawa uyah kanggo ing
salawase ana ing ngarsane Sang Yehuwah
kanggo sira dalah saturunira.” 20 Karomaneh
pangandikane Pangeran Yehuwah marang
Imam Harun: “Ana ing nagarane sira ora
bakal oleh tanah pusaka lan ora bakal oleh
panduman ana ing tengahe; Ingsun kang
dadi pandumanira sarta pusakanira ana ing
tengahe wong Israel.

21 Mungguh wong bani Lewi, lah iku padha
Sunparingi sakehe pisungsunge prasepuluhan
wong Israel minangka pusaka, kanggo
pituwase ayahan kang dilakoni, yaiku
kuwajibane ana ing Tarub Pasewakan. 22 Dene

wong Israel aja ana maneh kang nyedhaki
Tarub Pasewakan, satemah ndadekake
dosane lan banjur nemahi pati, 23 mung wong
bani Lewi kang padha nglakonana ayahane
ana ing Tarub Pasewakan, lan iku padha
nyanggaa apa kang dadi kaluputane; iku dadia
pranatan kanggo ing salawase nganti ing
saturun-turunira; wong iku ora bakal padha
oleh bumi pusaka ana ing tengahe wong
Israel; 24 awitdene pisungsung prasepuluh
kang disaosake dening wong Israel marang
Pangeran Yehuwah, minangka panduman
mligi, iku Sunparingake marang para bani
Lewi minangka pusakane, mulane wus padha
Sunpangandikani: Ora bakal oleh bumi pusaka
ana ing tengahe wong Israel."
25 Pangeran Yehuwah ngandika marang Nabi
Musa: 26 "Sira kandhaa marang para wong bani
Lewi, padha tuturana: Samangsa sira padha
nampani pisungsung prasepuluhan saka wong
Israel, kang wus Sunparingake marang sira
dadi pusakanira, sira banjur padha nyaosna
saperangane iku konjuk marang Sang Yehuwah
minangka pisungsung-mligi, saprasepuluhe
pisungsung prasepuluhan iku. 27 Pisungsung
iku bakal kaetung dadi pisungsungira mligi,
kayadene gandum saka ing panuton lan kaya
oleh-olehan ing pamipitan anggur. 28 Kalawan
mangkono dadine sira iya padha nyaosake
pisungsung-mligi konjuk marang Yehuwah
saka saperangane pisungsung prasepuluhan
kang sira tampa saka wong Israel, iku
kajupuka sapira kang dadi kagungane

Yehuwah kapasrahna marang Imam Harun.
29 Sarupane sesaosan kang sira tampani iku,
sira pilihana kang becik dhewe sira saosna
minangka pisungsung-mligi marang Pangeran
Yehuwah, iku dadi bagean sengkeran. 30 Lan
padha sira tuturana: Manawa sira nyaosake
saka pepilihane mau, iku tumrape wong bani
Lewi, kaetunga kayadene pametune panuton
lan kaya oleh-olehane pamipitan anggur,
31 sira kelilan mangan ana ing sadhengah
panggonan, iya sira dalah sabrayatira kabeh,
awit iku minangka pituwase ayahanira ana ing
Tarub Pasewakan. 32 Angger kang padha sira
ladekake iku sarwa pilihan, sira bakal padha
ora nandhang dosa marga saka iku; kalawan
mangkono sira bakal padha ora nyawiyah
marang kasucene pisungsung-pisungsunge
sengkeran wong Israel, temah sira ora bakal
padha mati."

Banyu pambirating najis

19:1-22

19 1 Pangeran Yehuwah ngandika
marang Nabi Musa lan Imam Harun
mangkene: 2 "Iki pranatan angger-angger
kang kadhawuhake dening Pangeran Yehuwah,
kalawan pangandikane: Sira ndhawuhana
wong Israel, supaya padha ngladekna marang
sira sapi wadon nom abang kang tanpa ciri
ala, kang ora ana cacade lan kang durung tau
dietrapi pasangan. 3 Iku sira tampakna marang
Imam Eleazar, banjur digawaa metu menyang

ing sajabane palereban, lan kasembeleha
ana ing ngarepe imam. 4 Sawuse iku Imam
Eleazar ndulita getihe sapi iku sathithik,
banjur dikepyurna sathithik ing ngarepe
Tarub Pasewakan nganti rambah kaping pitu.
5 Sawuse mangkono sapine tumuli kaobonga
nganti entek ana ing sangareping imam;
kulite, daginge lan getihe dalah tlethonge
pisan, uga kaobonga nganti entek. 6 Imam
tumuli njupuka kayu eres, hisop lan kain
jingga, kacemplungna ing satengahe geni
kang ngobong sapi mau. 7 Sawuse mangkono
imam tumuli ngumbaha sandhangane lan
adusa, nuli lumebua ing palereban, sarta imam
iku dadi najis tumeka suruping srengenge.
8 Wong kang ngobong sapi mau ngumbaha
sandhangane lan adusa, sarta banjur dadi
najis nganti tumeka suruping srengenge.
9 Awune sapi mau dikukupana dening salah
sijine wong kang ora najis, lan diselehna
ing panggonan kang ora najis ing sajabane
palereban; kabeh iku kasimpena kanggo umat
Israel, kanggo gawe banyu pambirating najis,
iku dadi pangruwating dosa. 10 Wong kang
nglumpukake awune sapi mau iya ngumbaha
sandhangane lan dadi najis nganti tumeka
suruping srengenge. Iku dadia pranatan ing
salawase kanggo wong Israel lan wong bangsa
liya kang manggon ana ing tengahira.

11 Sing sapa nggepok jisim, iku dadi najis
lawase pitung dina. 12 Ing telung dinane wong
iku ngruwata dosane nganggo banyu mau,
dene ing dina kapitune wus ora najis. Nanging

manawa ing telung dinane ora ngruwat
dosane, ing pitung dinane ora ilang najise.
13 Saben wong kang nggepok jisim, yaiku
badane manungsa kang wus mati, mangka
ora ngruwat dosane, iku dadi najisake Tarub
Sucining Yehuwah, wong kang mangkono iku
katumpesa saka ing Israel, marga ora disiram
ing banyu pambirating najis, mulane dadi najis
lan tetep kadunungan najis.
14 Iki angger-angger manawa ana wong
kang mati ana ing sajroning tarub, sapa kang
lumebu ing tarub iku, lan kabeh kang ana
ing tarub kono mesthi dadi najis pitung dina
lawase; 15 apadene sadhengah wadhah kang
bukakan lan ora nganggo dilarabi rapet, iku
iya dadi najis. 16 Mangkono maneh saben
wong kang ana ing ara-ara kang nggepok
badane wong kang dipateni sarana pedhang,
utawa nggepok jisim apa balunging manungsa
apa kuburan, iku iya dadi najis lawase pitung
dina. 17 Anadene wong kang kena ing najis
kaya mangkono iku, kajupukna awune kurban
pangruwating dosa kang kaobong mau,
kadokoka ing wadhah lan kaesokana banyu
kang mili. 18 Nuli sawijining wong kang ora
najis njupuka hisop, kacelupna ing banyu iku
mau, banjur dikepyurna marang ing dhuwure
tarub lan sapirantine kabeh lan wong-wong
kang ana ing kono; mangkono uga marang
wong kang nggepok balung utawa wong kang
dipateni, kang nggepok jisim apa kuburan iku
mau. 19 Wong kang ora najis mau ngepyurna
marang kang najis iku ing telung dinane, lan

ing pitung dinane, dene ing pitung dinane
iku wong mau ngruwata dosane; nuli kang
najis mau ngumbaha sandhangane lan adusa,
temah bakal mari najise samangsa srengenge
surup. [20] Balik sing sapa nandhang najis,
mangka ora ngruwat dosane, wong iku mesthi
katumpes saka ing satengahe pasamuwan,
marga wus najisake pasucene Sang Yehuwah;
ora kasiram ing banyu pambirating najis,
dadi tetep najise. [21] Iku dadia pranatan ing
salawase marang sira. Anadene wong kang
nyiramake banyu pambirating najis iku, iya
ngumbaha sandhangane, lan wong kang kena
banyu pambirating najis iku iya dadi najis
nganti tumeka suruping srengenge. [22] Dalah
samubarang kang digrayang dening wong
kang najis iku iya dadi najis, lan sing sapa
nggepok wong iku, iya bakal dadi najis nganti
tumeka suruping srengenge.”

Ibu Miryam seda

20:1

20 [1] Nalika sasi kapisan wong Israel, yaiku
wong saumat kabeh, padha tekan ing
pasamunan Zin, banjur padha lereb ana ing
Kadesy. Ibu Miryam seda ana ing kono lan iya
ana ing kono anggone kasarekake.

Dosane Nabi Musa lan Imam Harun

20:2-13

2 Ing sawijining dina nalika wong-wong
padha ora oleh banyu, banjur padha nglumpuk
ngepung Nabi Musa lan Imam Harun, 3 sarta
padha nglawan marang Musa, ature: "Bok kula
inggih sami katuta pejah nalika sadherek kula
sami apegat nyawa wonten ing ngarsanipun
Pangeran Yehuwah. 4 Kenging punapa
pasamuwan kagunganipun Sang Yehuwah
panjenengan bekta dhateng pasamunan
punika, supados kula sadaya dalah raja-kaya
kula sami pejah wonten ing ngriki? 5 Kenging
punapa kula panjenengan tuntun medal saking
Mesir, panjenengan bekta dhateng panggenan
ingkang awon kados makaten, panggenan
ingkang boten saged dipun sebari wiji, boten
wonten witipun anjir, anggur utawi delima,
dalah toya ingkang kaombe kemawon inggih
boten wonten!" 6 Ing kono Nabi Musa lan Imam
Harun padha nilar umat mau sarta tindak
menyang ing lawangane Tarub Pasewakan,
padha sumungkem sujud. Tumuli diketingali
ing kamulyane Pangeran Yehuwah.

7 Pangeran Yehuwah nuli ngandika marang
Nabi Musa: 8 "Tekenira iku sira jupuka, sira
lan kakangira Harun padha nglumpukna
umat iku, sarta sira nyalathonana parang
iku kanthi kaweruhan ing wong kabeh,
temah parange bakal metu banyune. Kaya
mangkono iku anggonira ngetokake banyu

saka ing parang iku, sarta anggonira aweh
ngombe marang umat dalah raja-kayane.”
9 Nabi Musa banjur mendhet tekene saka ing
ngarsane Sang Yehuwah, kaya anggone wus
kadhawuhan. 10 Nabi Musa lan Imam Harun
bareng wus nglempakake pasamuwan ana ing
sangarepe parang, wong-wong mau padha
dipangandikani dening Nabi Musa: “Heh, wong
kang wangkot, padha rungokna! Apa iya aku
iki padha kudu ngolehake banyu kanggo kowe
saka ing parang iki?” 11 Nabi Musa banjur
ngangkat astane, sarta nggebag parange
kalawan tekene nganti rambah ping pindho,
banjur metu banyune akeh, temah wong-wong
dalah kewane padha bisa ngombe.
12 Nanging Pangeran Yehuwah tumuli
ngandika marang Nabi Musa lan Imam Harun:
“Sarehne sira ora kumandel marang Ingsun
lan padha ora ngajeni pangwasaningSun ana
ing sangarepe wong Israel, mulane sira padha
ora kalilan ngirid pasamuwan iki lumebu ing
tanah kang bakal Sunparingake.”
13 Iku mau banyu ing Meriba, papan
panggonane wong Israel padha nglawan
Sang Yehuwah sarta Panjenengane nedahake
kasucene ana ing satengahe wong-wong iku.

Raja Edom ora marengake wong Israel liwat ing nagarane

20:14-21

14 Sawuse iku Nabi Musa banjur ngintunake
utusan saka Kadesy menyang ing ngarsane

raja ing Edom, piwelinge: “Sadherek dalem
Israel gadhah atur makaten: Paduka mirsa
sakathahing kasisahan ingkang tumempuh
dhateng kawula sadaya, 15 bilih leluhur
kawula sami pindhah dhateng ing tanah
Mesir, ngantos lami anggen kawula sami
manggen wonten ing Mesir, mangka tiyang
Mesir sami daksiya dhateng kawula saha para
leluhur kawula. 16 Ing ngriku kawula lajeng
sesambat dhateng Pangeran Yehuwah, saha
Sang Yehuwah nyembadani panyuwun kawula,
lajeng ngutus malaekat ingkang nuntun
kawula sadaya saking tanah Mesir. Sapunika
kawula sami wonten ing Kadesy, nagari
ingkang kaprenah wonten ing tapel-watesipun
talatah paduka. 17 Mugi paduka marengna
kawula sami langkung ing nagari paduka;
kawula boten badhe langkung ing pategilan
utawi pakebonan anggur paduka, sarta inggih
boten badhe ngombe toya ing sumur paduka;
kawula namung badhe langkung ing margi
ageng kemawon, boten mawi menggok
ngiwa utawi nengen, ngantos kawula sami
dumugi ing tapel-watesipun wewengkon
paduka.” 18 Nanging wangsulane wong Edom:
“Sampeyan boten kenging langkung ing
talatah kula, awit temtu badhe kula papagaken
kalayan pedhang.” 19 Ature wong Israel:
“Kawula badhe medal ing margi ageng, saha
manawi kawula lan raja-kaya kawula ngantos
ngombe toya paduka, badhe kawula aturi
sepinten reginipun; panyuwun kawula namung
uger kepareng nratas lumampah dharat

kemawon, namung punika.” 20 Ewasamono
wangsulane wong Edom tetep: “Boten kenging
sampeyan langkung ing ngriki.” Malah wong
Edom banjur padha metu mapagake klawan
rakyate lan wadya-bala akeh. 21 Sarehne wong
Edom kenceng ora nglilani wong Israel liwat
ing tlatahe, mulane wong Israel banjur padha
nyimpang ninggal wewengkon kono.

Sedane Imam Harun

20:22-29

22 Wong Israel saumat kabeh banjur padha
budhal saka ing Kadesy, tumuli tekan ing
gunung Hor. 23 Ana ing sacedhake gunung
Hor kono, ana ing tapel-watese tanah Edom,
Pangeran Yehuwah ngandika marang Nabi
Musa lan Imam Harun: 24 “Harun bakal
kakumpulake karo para leluhure, awitdene
ora bakal melu lumebu ing tanah kang
Sunparingake marang wong Israel, marga sira
padha nglirwakake marang dhawuhingSun ana
ing sacedhake banyu ing Meriba. 25 Harun lan
Eleazar padha timbalana, kairida munggah
ing gunung Hor. 26 Harun tumuli cuculana
panganggone lan sira anggokna marang
Eleazar anake; dene Harun bakal kakumpulake
karo para leluhure lan mati ana ing kono.”
27 Nabi Musa banjur nglampahi kaya anggone
kadhawuhan dening Pangeran Yehuwah;
padha munggah ing gunung Hor; wong
sapasamuwan kabeh padha ndeleng bab iku.
28 Imam Harun tumuli dilukari pangagemane

dening Nabi Musa lan diagemake marang kang
putra Eleazar; Imam Harun tumuli seda ana
ing pucake gunung kono. Nabi Musa lan Imam
Eleazar banjur padha tedhak saka ing gunung
iku mau. 29 Wong sapasamuwan kabeh bareng
ngerti yen Imam Harun wus seda, tumuli
padha nangisi nganti telung puluh dina lawase.

Paprangan ing sacedhake Horma

21:1-3

21 1 Kacarita raja ing nagara Arad, kalebu
bangsa Kanaan kang manggon ing
tanah Negeb, bareng ngrungu warta yen wong
Israel padha teka saka ing dalan ing Abarim,
nuli nempuh perang nglawan wong Israel,
sarta oleh tawanan wong sawatara. 2 Wong
Israel banjur nglairake punagi marang Sang
Yehuwah, unjuke: “Manawi bangsa punika
sadaya Paduka ulungaken dhateng tangan
kawula, kitha-kithanipun badhe sami kawula
gempur dados jugrugan.” 3 Pangeran Yehuwah
nyembadani marang panyuwune Israel, wong
Kanaan kelakon diulungake; wong-wonge
dalah kutha-kuthane padha kasirnakake.
Mulane panggonan iku dijenengake Horma.

Ula tembaga

21:4-9

4 Sawuse mangkono banjur padha budhal
saka ing gunung Hor, metu ing dalan penere
sagara Teberau, arep ngubengi tanah Edom;

ana ing dalan bangsa mau wus ora bisa sabar
maneh, 5 banjur nglawan marang Gusti Allah
lan marang Nabi Musa, pangucape: "Kenging
punapa kula kok sami panjenengan kesahaken
saking tanah Mesir? Punapa supados kula
sami pejah wonten ing pasamunan ngriki?
Ing ngriki boten wonten roti lan boten wonten
toya, mangka kula sampun sami bosen
dhateng tetedhan ingkang boten wonten
raosipun punika." 6 Pangeran Yehuwah tumuli
ndhatengake ula mandi marang umat iku,
kang banjur padha nyakoti wong akeh,
temah panunggalane bangsa Israel akeh
kang padha mati. 7 Wong-wong banjur padha
sowan marang ngarsane Nabi Musa sarta
matur: "Kula sampun sami damel dosa,
dene ngantos nglawan dhateng Pangeran
Yehuwah saha dhateng panjenengan;
panjenengan mugi karsaa ndedonga dhateng
Sang Yehuwah, supados karsaa nyirnakaken
sawer-sawer punika saking kula." 8 Nabi Musa
nuli ndongakake umat iku, sarta Pangeran
Yehuwah banjur ngandika marang Nabi
Musa: "Sira gawea rerekan ula mandi, banjur
kapanjera ing cagak; ing kono saben wong
kang kacakot, mangka tumuli mandeng
marang rerekan ula iku, bakal lestari urip."
9 Nabi Musa tumuli damel rerekan ula tembaga
sarta kapanjer ing cagak; wasana saben wong
kang kacakot ing ula, mangka banjur mandeng
marang rerekan ula tembaga iku, iku lestari
urip.

Lakune wong Israel tutug ing tanah Moab

21:10-20

10 Wong Israel banjur padha budhal sarta
leren ana ing Obot. 11 Sawuse budhal saka
ing Obot banjur padha nginep ing sacedhake
jugrugan ing Abarim, ing pasamunan kang
kaprenah ana ing sawetane tanah Moab.
12 Nuli padha budhal saka ing kono, sarta
lereb ana ing lebake kali Zered. 13 Sawuse
budhal saka ing kono, banjur padha nginep
ana ing sabrange kali Arnon, kang ana ing
pasamunan, sarta kang metu saka ing tlatahe
bangsa Amori; dene kali Arnon iku dadi
tapel-watese tanah Moab, kaprenah ana ing
antarane bangsa Moab lan bangsa Amori.
14 Mulane ing buku critane perange Pangeran
Yehuwah dipratelakake: "Waheb ing Sufa lan
lebak-lebake kali Arnon, 15 sarta peperenge
lebak-lebak; pepereng iku ambane nganti
tekan ing papan prenahe kutha Ar, mepet karo
tapel-watese tanah Moab." 16 Saka ing kono
lakune menyang ing Beer, yaiku sumur kang
kadhawuhake dening Yehuwah marang Nabi
Musa mangkene: "Bangsa iku sira klumpukna,
nuli bakal Sunparingi banyu." 17 Ing nalika
iku wong Israel ngrepekake kidung kang
surasane:

"He, sumber, mumbula! Ayo padha
kekidungan sesauran,
marga saka sumur, kang kadhudhuk dening
para raja iki,

[18] kang didhudhuk dening para panggedhe
ana ing satengahe bangsa iku
kalawan jungkating karajan, kalawan
tekene."
Saka ing pasamunan banjur padha budhal
menyang ing Matana; [19] saka ing Matana
menyang ing Nahaliel; saka ing Nahaliel
menyang ing Bamot, [20] lan saka ing Bamot
menyang ing lebak, ing wewengkone tanah
Moab, sandhing pucake gunung Pisga, kang
ngadhepake Ara-ara Samun.

Perang karo Sang Prabu Sihon raja ing Hesybon

21:21-30

[21] Sawuse lelakon iku wong Israel nglakokake
kongkonan marang ngarsane Sang Prabu
Sihon, ratune bangsa Amori, prelu ngaturake
panyuwunan mangkene: [22] "Kawula mugi sami
kalilana langkung ing nagari paduka, kawula
badhe boten nyleweng dhateng pategilan
utawi dhateng pakebonan anggur paduka,
inggih boten badhe ngombe toyaning sumur
paduka; namung margi ageng kemawon
ingkang badhe kawula langkungi ngantos
dumugi ing tapel-watesipun wewengkon
paduka." [23] Nanging Sang Prabu Sihon ora
nglilani wong Israel ngliwati wewengkone,
malah banjur nglumpukake wadya-balane
kabeh, lan methukake wong Israel menyang
ing pasamunan; satekane ing Yahas banjur
nempuh perang nglawan Israel. [24] Nanging

digecak dening wong Israel klawan landheping
pedhang, sarta nagarane nuli diejegi, wiwit ing
kali Arnon tutug ing kali Yabok, nganti tumeka
ing tapel-watese tanahe bani Amon, amarga
tapel-watese wilayahe wong bani Amon iku
santosa. 25 Wong Israel padha ngrebut sakehe
kuthane, sarta padha ngenggoni kuthane
bangsa Amori kabeh, yaiku ing Hesybon lan
ing sawewengkone kabeh. 26 Dene Hesybon
iku kutha padalemane Sang Prabu Sihon,
ratune bangsa Amori; Sang Prabu iku dhek
biyen paprangan karo ratu ing Moab kang
dhisik, sarta kelakon bisa ngrebat nagarane
kabeh nganti tekan ing kali Arnon. 27 Marga
saka iku para juru ngarang kidung padha
ngucap mangkene:

"Padha maraa menyang Hesybon, nagarane
Sang Prabu Sihon kabanguna
lan kasantosakna!
28 Sabab ana geni metu saka ing Hesybon,
kutha padalemane Sang Prabu Sihon
metu urube, kang mangsa Ar-Moab,
kang ngwasani tengger-tengger ing saurute
kali Arnon.
29 Bilai sira Moab,
sangsara sira, he bangsa Kamos!
Anake lanang padha kadadekake wong
keplayu,
lan anake wadon padha dadi tawanane Sang
Prabu Sihon
ratune bangsa Amori.
30 Wong-wong mau padha daktamani
gegaman,

Hesybon lebur nganti tekan ing Dhibon,
lan kita dadekake pasamunan nganti tekan
ing Naftali
kang gumelar nganti tekan ing Medeba."

Perang karo Sang Prabu Og ratu ing Basan

21:31--22:1

31 Kaya mangkono iku wong Israel banjur
padha ngenggoni nagarane bangsa Amori.
32 Sawuse iku Nabi Musa tumuli utusan
nelik marang kutha Yaezer, kutha-kutha
wewengkone Yaezer padha karebut kabeh
sarta wong Amori kang padha manggon ana
ing kono padha ditundhungi. 33 Sabanjure
padha minger nglurug menyang ing tanah
Basan. Sang Prabu Og ratu ing Basan banjur
methukake kalawan wadya-balane njujug ing
Edrei. 34 Pangeran Yehuwah nuli ngandika
marang Nabi Musa: "Sira aja wedi karo wong
iku, marga iku Sunulungake ing tanganira
dalah rakyate kabeh apadene nagarane.
Kabeh iku sira etrapana kaya anggonira wus
ngetrapi marang Sihon ratune wong Amori
kang manggon ana ing Hesybon." 35 Sang
Prabu Og mau tumuli disorake dalah putrane
lan rakyate kabeh, nganti ora ana wonge siji
bae kang bisa oncat, nagarane banjur diejegi.
22 1 Wong Israel tumuli padha mbanjurake
lakune sarta padha lereb ana ing tanah
ngare ing Moab, ing sabrange bengawan
Yarden ing sacedhake kutha Yerikho.

Sang Prabu Balak utusan nimbali Bileam

22:2-20

2 Anadene Sang Prabu Balak putrane Sang
Zipor mirsa sakehe panggawene bangsa
Israel marang wong Amori, 3 mulane wong
Moab padha kataman giris marang bangsa
iku, marga cacahe akeh, satemah geter lan
wedi marga saka wong Israel iku. 4 Kang
iku wong Moab banjur padha calathu karo
tuwa-tuwane bangsa Midian: "Wadya-bala
ingkang kathahipun samanten punika temtu
badhe ngrayud samukawis ing saubeng
kula sadaya, kadosdene lembu anggenipun
nyenggut tetuwuhan ijem ing ara-ara."
Anadene ing nalika iku Sang Prabu Balak
putrane Sang Zipor jumeneng ratu ing Moab.
5 Sang Nata tumuli utusan nimbali Bileam
bin Beor menyang ing Petor kang ana ing
sapinggire bengawan Efrat, menyang ing
nagarane para mitrane tunggal bangsa,
piwelinge mangkene: "Lah ana sawijining
bangsa kang teka saka ing Mesir kang nganti
nglimputi salumahe bumi; iku lagi lereb
ana ing ngarepku. 6 Kang iku kowe mrenea,
bangsa iku ipat-ipatana; marga kekuwatane
ngluwihi kekuwatanku; bokmanawa nuli
bisa dakkalahake lan daktundhung saka ing
nagara kene, marga aku sumurup: sapa sing
kokberkahi masthi oleh berkah, lan sapa sing
kokipat-ipati iku kena ing ipat-ipat."

7 Para tuwa-tuwane bangsa Moab karo tuwa-
tuwane bangsa Midian tumuli padha mangkat
klawan nggawa opahane panenungan.
Satekane ing panggonane Bileam, banjur
padha nglairake piwelinge Sang Prabu Balak.
8 Pangucape Bileam marang wong-wong
mau: "Panjenengan sami kula aturi nyare
ing ngriki sedalu punika, nunten badhe
kula caosi wangsulan kados ingkang dados
dhawuhipun Pangeran Yehuwah dhateng
kula." Para panggedhene bangsa Moab tumuli
padha nginep ana ing omahe Bileam. 9 Gusti
Allah banjur ngrawuhi Bileam sarta ngandika:
"Wong-wong kang padha ana ing omahira iku
sapa?" 10 Unjuk wangsulane Bileam: "Sang
Prabu Balak bin Zipor, ratunipun bangsa Moab,
kengkenan manggihi kawula, piwelingipun
makaten: 11 Lah ana sawijining bangsa teka
saka ing tanah Mesir ngebeki salumahe bumi,
mulane kowe mrenea, bangsa iku ipat-ipatana,
bokmanawa nuli bisa dakkalahake lan kena
daktundhung." 12 Dhawuhe Gusti Allah marang
Bileam: "Sira aja melu wong-wong iku; bangsa
iku aja sira ipat-ipati, marga wus kanggonan
berkah."

13 Bareng wayah esuk Bileam tangi, lan nuli
calathu marang para panggedhene abdine
Sang Prabu Balak: "Panjenengan sami kula
aturi wangsul, awit Pangeran Yehuwah boten
marengaken kula ndherek panjenengan."
14 Para panggedhe Moab mau banjur padha
bali, lan bareng wus ana ing ngarsane Sang
Prabu Balak, padha munjuk: "Bileam boten

purun tumut lampah kawula mriki.” 15 Sang
Prabu Balak banjur utusan para panggedhe
maneh, cacahe luwih akeh lan luwih dhuwur
pangkate tinimbang karo kang dhisik. 16 Iku
satekane ing ngarepe Bileam tumuli padha
matur: “Pangandikanipun Sang Prabu Balak
putranipun Sang Zipor makaten: Aja ana
kang ngalang-alangi anggonmu nekani aku,
17 awitdene kowe mesthi bakal dakganjar
luwih dening akeh, karodene apa bae kang
bakal dadi panyuwunmu marang aku, mesthi
bakal dakleksanani. Kang iku kowe mrenea
ta, ipat-ipatana bangsa iku.” 18 Nanging
Bileam mangsuli marang para utusane Sang
Prabu Balak: “Sanadyan Sang Prabu Balak
maringna salaka lan mas sakadhatonipun
kebak, ewadene kula boten saged nindakaken
punapa-punapa, ingkang sapele punapa
ingkang wigatos, ingkang nerak dhawuh
timbalanipun Pangeran Yehuwah Gusti Allah
kula. 19 Milanipun panjenengan sami kula
aturi nyare ing ngriki sadalu punika, supados
kula sageda nyumerepi, punapa kemawon
ingkang badhe dipun pangandikakaken dening
Pangeran Yehuwah dhateng kula.” 20 Gusti
Allah tumuli ngrawuhi Bileam ing wayah bengi,
sarta mangandikani: “Manawa tekane wong
iku pancen padha ngundang sira, sira ngadega,
melua ing salakune; ewasamono kang sira
lakoni, mung kang bakal Sundhawuhake
marang sira.”

Kuldine Bileam lan Malaekate Sang Yehuwah

22:21-35

21 Bareng wayah esuk Bileam tangi, nuli ngabah-abahi kuldine wadon, banjur mangkat melu para panggedhene wong Moab mau.
22 Ing kono bebendune Gusti Allah mulad-mulad, marga Bileam lunga, tumuli dicegati dening Sang Malaekate Pangeran Yehuwah, kang nglawan marang dheweke. Dene Bileam lagi nunggang kuldine wadon sarta kairingake
dening bature loro. 23 Nalika kuldine weruh
Sang Malaekate Pangeran Yehuwah jumeneng ana ing tengah dalan klawan ngasta pedhang ligan, kuldine mau nuli sumingkir saka ing dalan lan lumebu ing pategalan. Bileam banjur nyabeti supaya bali menyang dalan maneh.
24 Sang Malaekate Pangeran Yehuwah tumuli mapan jumeneng ana ing dalan kang ciyut ing antarane pakebonan anggur kang kaapit-apit
ing pager tembok. 25 Bareng kuldine weruh
Sang Malaekate Pangeran Yehuwah, banjur mepet ing pager tembok, temah sikile Bileam nganti kejepit ing tembok, mulane kuldine
digitiki maneh. 26 Sang Malaekate Pangeran
Yehuwah tumuli mundur maneh, mapan ing panggonan kang ciyut banget, nganti ora ana papan sela kanggo nyimpang ngiwa
utawa nengen. 27 Bareng kuldine weruh
Sang Malaekate Pangeran Yehuwah, banjur ndheprok isih katunggangan dening Bileam.

Bileam nepsu banget, nganti kuldine digebugi
klawan tekene. [28] Kuldine tumuli kabuka
cangkeme dening Sang Yehuwah, nganti
bisa ngucap marang Bileam: “Kalepatan
kula punapa dhateng panjenengan, dene
ngantos panjenengan gebagi rambah kaping
tiga punika?” [29] Calathune Bileam marang
kuldine: “Marga aku kokgawe geguyon,
saupama aku nyekela pedhang, masthi
kowe dakpateni saiki uga.” [30] Pangucape
kuldi marang Bileam: “Kula punika rak kuldi
titihan panjenengan ing salaminipun sugeng
panjenengan ngantos dumugi sapunika;
punapa kula nate nandukaken ingkang
makaten punika dhateng panjenengan?”
Wangsulane: “Ora.” [31] Pangeran Yehuwah
banjur damel awasing pandelenge Bileam,
temah weruh Sang Malaekate Pangeran
Yehuwah jumeneng ana ing dalan klawan
ngasta pedhang ligan. Bileam tumuli jengkeng
sujud ana ing ngarsane. [32] Pangandikane Sang
Malaekate Pangeran Yehuwah marang Bileam:
“Yagene sira nggitiki kuldinira nganti rambah
ping telu? Lah, anggoningSun miyos iki dadi
mungsuhira, marga tumrap Ingsun dalan iki
anjog ing karusakan. [33] Nalika kuldi iki ndeleng
Ingsun, nyimpang saka ing ngarsaningSun
nganti rambah ping telu; yen ajaa nyimpang
saka ing ngarsaningSun, masthi ing nalika
iku uga sira kang Sunpateni, lan kuldinira
Sunuripi.” [34] Unjuke Bileam marang Sang
Malaekate Pangeran Yehuwah: “Kawula damel
dosa, awit kawula boten sumerep bilih Paduka

nyegati lampah kawula wonten ing margi
punika. Wondene ing sapunika, manawi
Paduka boten marengaken, kawula inggih
badhe wangsul kemawon.” [35] Pangandikane
Sang Malaekate Pangeran Yehuwah marang
Bileam: “Sira melua wong iku, nanging kang
sira ucapake ngamungna apa kang bakal
Sunpangandikakake marang sira.” Sawuse
mangkono Bileam banjur melu panggedhe
abdine Balak mau.

Sang Prabu Balak mundhut,
supaya Bileam ngipat-ipati Israel

22:36--23:3

[36] Anadene Sang Prabu Balak bareng miyarsa
yen Bileam teka, banjur tedhak methuk
tekan ing kutha Moab, kang kaprenah ana
ing tapel-watese kali Arnon, ing poncoting
tapel-wates iku. [37] Pangandikane Sang Prabu
Balak marang Bileam: “Apa ora klawan
adreng anggonku utusan nimbali kowe,
yagene kowe kok ora enggal-enggal seba
marang ing ngarsaku? Apa pangiramu aku
ora bisa maringi pituwas marang kowe?”
[38] Atur wangsulane Bileam marang Sang
Prabu Balak: “Lah sapunika kawula sampun
sowan wonten ing ngarsa panjenengan
dalem, nanging punapa inggih dalem badhe
saged ngucapaken punapa-punapa? Namung
pangandika ingkang badhe dipun paringaken
ing cangkemipun dalem dening Gusti Allah,
punika ingkang badhe dalem ucapaken.”

39 Bileam tumuli ndherek tindake Sang
Prabu Balak nganti tekan ing Kiryat-Huzot.
40 Sang Prabu Balak banjur ngurbanake sapi
lan wedhus, sabagean dikintunake marang
Bileam lan para panggedhe kang ndherek
panjenengane. 41 Kacarita esuke Bileam
kabekta munggah dening Sang Prabu Balak
menyang ing pagunungan Baal; saka ing kono
pungkasaning palerebane bangsa Israel bisa
katon.

23 1 Bileam banjur matur marang rang
Sang Prabu Balak: "Sumangga wonten
ing ngriki kawula panjenengan dalem
damelaken misbyah pitu, sarta kawula ugi
panjenengan dalem cawisi lembu jaler nem
pitu saha menda gibas jaler inggih pitu."
2 Sang Prabu Balak tumuli nindakake kaya
kang dadi panyuwune Bileam, sarta banjur
padha nyaosake kurban ing saben misbyah
arupa sapi siji lan wedhus siji. 3 Bileam
tumuli matur marang Sang Prabu Balak:
"Panjenengan dalem kawula aturi jumeneng
wonten ing sacelakipun kurban obaran
panjenengan dalem, dene kawula badhe
kesah; bokmanawi kula badhe dipun panggihi
dening Sang Yehuwah, lajeng dhawuh punapa
ingkang kaparingaken, punika badhe kawula
pratelakaken dhateng panjenengan dalem."
Sawuse mangkono Bileam banjur munggah
ing gunung kang gundhul.

Bileam mberkahi Israel

23:4--24:9

4 Gusti Allah tumuli manggihi Bileam;
Bileam banjur munjuk marang Panjenengane:
“Misbyah pitu punika sampun kawula
cawisaken, sarta ing saben misbyah kawula
kurbanaken lembu jaler nem satunggal
kaliyan menda gibas jaler satunggal.”
5 Pangeran Yehuwah tumuli ngiseni tembung
ing cangkeme Bileam sarta ngandika: “Sira
balia menyang ngarepe Balak lan calathua
mangkono iku.” 6 Satekane ing ngarsane Sang
Prabu Balak, Sang Nata ketemu isih jumeneng
sandhing kurbane obaran, bebarengan karo
panggedhene bangsa Moab. 7 Bileam banjur
ngucapake kidunge:

“Sang Prabu Balak ratu ing Moab,
ndhatengake aku saka ing tanah Aram,
saka ing pagunungan wetan,
pangandikane: Kowe mrenea, aku tulungana,
ipat-ipatana Yakub,
sarta mrenea, supatanana Israel.
8 Kapriye bisaku ngipat-ipati, kang ora
diipat-ipati dening Gusti Allah?
Kapriye anggonku nyupatani marang kang
ora disupatani dening Yehuwah?
9 Awit bangsa iku dakdeleng saka ing pucake
gunung-gunung parang
daksawang saka ing pagunungan.
Lah iku bangsa kang manggon ndhewe,

lan ora gelem kepetung kegolong tunggale
bangsa liya.
10 Sapa kang bisa ngetung lebune Yakub,
utawa sapa kang bisa nacahake golongane
Israel?
Anggonku mati muga bisaa kaya patine wong
kang jujur,
lan puputing uripku kayaa pupute wong
iku!”
11 Ing kono pangandikane Sang Prabu Balak
marang Bileam: “Kapriye tandukmu marang
aku iki? Anggonku nekakake kowe iku dakkon
ngipat-ipati mungsuhku, lah kok malah
kokberkahi!” 12 Atur wangsulane Bileam:
“Kawula rak kedah nglairaken punapa ingkang
dipun isekaken dening Pangeran Yehuwah
wonten ing cangkem kawula!”
13 Sang Prabu Balak tumuli ngandika marang
Bileam: “Payo, kowe melua aku menyang
panggonan liyane, saka ing kono kowe bisa
nyawang bangsa iku; kang katon iku mung
pungkasaning palerebane bae, ora katon
sakabehe; nuli aku tulungana, ipat-ipatana
bangsa iku saka kono.” 14 Bileam banjur
dibekta menyang ing Ara-ara Panelikan, ing
pucake gunung Pisga; Sang Prabu Balak
tumuli yasa misbyah pitu, lan ing saben
misbyah kakurbanake sapi lanang nom siji
sarta wedhus gibas lanang siji. 15 Bileam
banjur matur marang Sang Prabu Balak:
“Panjenengan dalem kawula aturi jumeneng
wonten ing sacelakipun kurban obaran dalem,
dene kawula badhe kesah mriku, sowan ing

ngarsaning Yehuwah!”
16 Sang Yehuwah tumuli manggihi Bileam, sarta cangkeme diiseni tembung, tuwin dipangandikani: “Sira balia menyang ngarepe Balak, lan ngucapa kaya mangkono iku.”
17 Satekane ing ngarsane Sang Prabu Balak, lah Sang Nata isih jumeneng sandhing kurbane obaran, bebarengan karo para panggedhene bangsa Moab. Sang Prabu Balak banjur ngandika marang Bileam: “Pangandikane Pangeran Yehuwah kapriye?”
18 Bileam banjur medharake kidung, pangucape:

“Dhuh Sang Prabu Balak, sumangga kawula aturi jumeneng
saha karsaa miyarsakaken; dhuh putranipun Sang Zipor,
sumangga kawula aturi nilingaken dhateng atur kawula.
19 Gusti Allah punika sanes manungsa, kok ngantosa dora,
inggih sanes anaking manungsa, kok ngantosa keduwung.
Punapa inggih Panjenenganipun ngandika lajeng boten katindakaken,
utawi ngandika lajeng boten dipun tetepi?
20 Kauningana, kula tampi dhawuh supados mberkahi,
mangka manawi Panjenenganipun mberkahi, kawula masthi boten saged malik.
21 Tiyang boten sumerep dhateng kasangsaraning bani Yakub,

lan boten saged ningali kasisahanipun
tiyang Israel,
margi tinunggil dening Pangeran Yehuwah
Allahipun,
sami surak-surak, margi Sang Nata wonten
ing satengahipun.
22 Gusti Allah ingkang ngentasaken saking
ing tanah Mesir,
punika tumrap tiyang-tiyang wau
kadosdene singat kakiyataning
bantheng.
23 Awitdene boten wonten japa-mantra
ingkang saged tumama dhateng Yakub,
utawi tenung ingkang saged tumama
dhateng Israel.
Dumugi ing wekdalipun, Yakub badhe dipun
cariyosi,
makaten ugi dhateng Israel, kaelokan
ingkang katindakaken dening Gusti
Allah.
24 Lah satunggaling bangsa ingkang
gumregah kados singa estri,
ingkang ngadeg jejeg kados singa jaler,
ingkang boten purun njerum, saderengipun
nedha memangsanipun
lan ngombe rahipun ingkang dipun pejahi."
25 Ing kono Sang Prabu Balak banjur ngandika
marang Bileam: "Manawa kowe babar-pisan
ora gelem ngipat-ipati, iya aja pisan-pisan
mberkahi." 26 Atur wangsulane Bileam marang
Sang Prabu Balak: "Kawula rak sampun matur
dhateng panjenengan dalem, bilih ingkang
badhe kawula ucapaken inggih punapa sadaya

dhawuhipun Pangeran Yehuwah, lan inggih
punika ingkang kawula lampahi.”
27 Sawuse mangkono Sang Prabu Balak
tumuli ngandika marang Bileam: “Payo, kowe
arep dakgawa menyang liya panggonan,
bokmanawa Gusti Allah marengake bangsa iku
kokipat-ipati saka ing kono.” 28 Bileam banjur
dibekta menyang ing pucake gunung Peor,
kang ngadhepake pasamunan. 29 Ature Bileam
marang Sang Prabu Balak: “Sumangga kawula
panjenengan dalem damelaken misbyah pitu
wonten ing ngriki, sarta kula panjenengan
dalem cawisi lembu jaler nem pitu sarta
menda gibas jaler pitu.” 30 Sang Prabu Balak
tumuli iya nindakake apa kang dadi ature
Bileam, sarta banjur ngurbanake sapi siji lan
wedhus siji ing saben misbyah.

24 1 Bareng Bileam ngreti yen anggone
mberkahi marang Israel iku ndadekake
keparenge Pangeran Yehuwah, mulane wus
ora nindakake panenungan maneh kaya
kang dhisik-dhisik, nanging tumuli madhep
marang pasamunan. 2 Bareng Bileam mandeng
mangarep lan weruh bangsa Israel anggone
lereb taler-teleran, banjur katedhakan ing
Rohe Gusti Allah. 3 Tumuli medharake kidunge,
pangucape:

“Iki tembung-tembunge Bileam bin Beor,
pangucape wong kang kaawasake mripate.
4 Calathune wong kang krungu sabdane Gusti
Allah,
kang ndeleng wahyune Kang Mahakawasa

kambi lumah-lumah, nanging kabuka
mripate.
5 Saiba endahe tarub-tarubmu, he Yakub,
iya papan padununganmu, he Israel.
6 Kayadene lebak kang gumelar enggone
mratani,
kaya patamanan ing sapinggiring kali,
kaya wit garu kang katanem dening Pangeran
Yehuwah,
kaya wit eres ing pinggiring banyu.
7 Timbane luber banyune,
lan winihe kasiraman ing banyu akeh,
kaluhurane rajane bakal ngungkuli Agag,
lan karajane bakal kamulyakake.
8 Gusti Allah kang ngentasake saka ing tanah
Mesir,
iku tumrap bani Israel kayadene sungu
kakuwataning bantheng,
bangsa kang dadi mungsuhe padha
kamangsa nganti entek,
lan balunge padha karemuk,
sarta bakal padha ketaman ing panahe
nganti tembus.
9 Lagi mendhak njerum kaya singa lanang,
iya kaya singa wadon, sapa kang wani
ngadegake?
Sing sapa mberkahi kowe, bakal ginanjar ing
berkah,
lan sing sapa ngipat-ipati kowe, bakal kena
ing ipat-ipat!”

Pamedhar-wangsite Bileam

24:10-25

10 Ing kono Sang Prabu Balak banjur tuwuh
dukane marang Bileam klawan ngremet-remet
asta, tumuli ngandika marang Bileam:
“Enggonku nimbali kowe iku dakpurih ngipat-
ipati mungsuhku, lah kok malah kokberkahi
rambah kaping telu; 11 saiki, kowe minggata
menyang panggonanmu; aku wus janji
marang kowe, yen kowe masthi dakganjar
akeh banget, nanging Pangeran Yehuwah kang
malangi ganjaranmu iku.” 12 Ature Bileam
marang Sang Balak: “Utusan panjenengan
dalem rak sampun kawula sanjangi, wosipun:
13 Sanajan Sang Prabu Balak maringna
kedhatone kebak emas lan salaka pisan,
ewadene aku ora wani nerak kang dadi dhawuh
timbalane Pangeran Yehuwah, dadia bab
nglakoni kang becik utawa kang ala saka atiku
dhewe; endi kang dadi dhawuhe Pangeran
Yehuwah, yaiku kang bakal dakucapake.
14 Wondene ing samangke, kawula lajeng
badhe wangsul dhateng panggenanipun
bangsa kawula; ingkang punika panjenengan
dalem kawula aturi uninga, punapa ingkang
badhe katandukaken dening bangsa punika
dhateng bangsa panjenengan dalem ing
benjingipun.”

15 Bileam tumuli medharake kidunge,
mangkene:

“Iki tembung-tembunge Bileam bin Beor,

pangucape wong kang kaawasake mripate.
16 Calathune wong kang krungu sabdane
Gusti Allah,
lan kang nampani kawruh ing ngatase
Kang Mahaluhur,
kang ndeleng wahyune Kang Mahakawasa,
kambi lumah-lumah, nanging klawan
kabuka mripate.
17 Panjenengane dakdeleng, nanging ora
saiki,
dakawasake, nanging ora ana ing
cedhakan,
ana lintang njedhul saka Yakub,
ana teken keprabon jumedhul saka ing
Israel,
iku ngremuk pilingane Moab,
sarta nggempur marang sakehing turune
Set.
18 Tanah Edom bakal dadi reh-rehane,
lan Seir bakal dadi reh-rehane para
mungsuhe iku.
Nanging Israel bakal nindakake prakara-
prakara kang nelakake gagah
prakosane.
19 Sarta saka Yakub bakal ana wong
kang kwasa,
kang bakal numpes para kang padha oncat
saka ing kutha."
20 Bareng ndeleng wong Amalek, Bileam
banjur medharake kidunge, mangkene:
"Wiwitane para bangsa iku Amalek, nanging
wekasane bakal ngalami rusak."

21 Bareng ndeleng wong Kain, Bileam banjur
medharake kidunge, mangkene:
"Santosa papan padununganmu,
susuhmu dumunung ana ing parang.
22 Nanging wong Keni bakal tumpes,
ora antara suwe kowe bakal diboyong
dening Asyur."
23 Dheweke uga medharake kidung
mangkene:
"Adhuh, cilaka! Sapa kang bisa urip,
samangsa Gusti Allah nindakake iku mau?
24 Nanging bakal ana prau-prau saka
pasisire wong Kitim,
kang bakal padha nindhes Asyur lan Heber,
mangka iku iya bakal nemahi karusakan
uga."
25 Sawuse mangkono Bileam banjur ngadeg,
mangkat mulih menyang ing panggonane;
sarta Sang Prabu Balak iya tindak uga.

Israel nyembah Baal-Peor

25:1-18

25 1 Nalika bangsa Israel lagi padha lereb
ana ing Sitim, bangsa iku banjur
wiwit laku jina karo para wong wadon Moab.
2 Wong wadon mau padha ngajak wong Israel
ngepung kurban sembelehan kanggo allahe,
bangsa mau banjur melu mangan kurban
iku lan sujud marang allahe wong-wong
iku. 3 Nalika Israel gegandhengan karo
Baal-Peor, bebendune Pangeran Yehuwah
mulad-mulad marang Israel. 4 Sang Yehuwah

tumuli ngandika marang Nabi Musa: “Sakehe
lelurahe bangsa iku padha sira tangkepana,
nuli padha kagantunga ana ing ngarsaning
Yehuwah blak-blakan, supaya bebendune
Pangeran Yehuwah kang mulad-mulad iku
sumingkira saka ing Israel.” 5 Nabi Musa banjur
ngandika marang para hakim Israel: “Kowe
padha matenana wong-wongmu kang wus
gegandhengan karo Baal-Peor.”
6 Kapinujon ana sawijining wong Israel kang
teka nggawa wong wadon bangsa Midian
menyang satengahe para sadulure, kapirsanan
dening Nabi Musa lan kaweruhan dening
sagolongane wong Israel kabeh kang lagi
padha nangis ana ing ngarepe lawangane
Tarub Pasewakan. 7 Bareng Pinehas bin Eleazar
putrane Imam Harun weruh lelakon iku,
sanalika banjur ngadeg saka ing satengahe
pakumpulan karo nyekel tumbak, 8 nuli nututi
wong Israel mau nganti tekan ing kamar
tengah, wong loro mau padha ditumbak
wetenge, yaiku wonge Israel lan wonge
wadon, wewelak kang nempuh wong Israel
tumuli sirep. 9 Anadene mungguh wong kang
wus padha mati kena ing wewelak iku cacahe
ana patlikur ewu.
10 Sang Yehuwah tumuli ngandika marang
Nabi Musa: 11 “Pinehas anake Eleazar
anake Imam Harun iku kang njalari sirepe
bebenduningSun ing satengahe wong
Israel, marga kanthi mempeng anggone
mbelani kaurmataningSun ana ing satengahe
umat, temahan Ingsun ora nganti numpes

marang wong Israel ing sajrone bentering
panggalihingSun. 12 Mulane kabeh padha sira
kandhanana: Lah Pinehas iku Sunparingi
prajanjian kaslametan kagunganingSun,
13 minangka prajanjian kaimaman kanggo ing
salawase tumrap awake dhewe lan turune,
marga kalawan mempeng anggone wus
mbelani Allahe sarta nganakake pirukun
kanggo wong Israel.” 14 Anadene wong Israel
kang kapatenan bareng karo wong wadon
bangsa Midian mau, jenenge Zimri bin Salu,
panggedhene salah sawijine kulawangsane
wong Simeon, 15 lan wong wadon bangsa
Midian kang dipateni iku jenenge Kozbi anake
Zur; Zur iku sawijining panggedhene golongan
-- yaiku kulawangsa -- ing Midian.
16 Sawuse mangkono Pangeran Yehuwah
ngandika marang Nabi Musa mangkene:
17 “Wong Midian iku padha sira lurugana lan
padha sira patenana, 18 marga wus padha
nglawan marang sira sarana akal kang
dirancang tumrap marang sira, ing bab Peor
lan ing bab Kozbi, sadulure wadon, yaiku
anake wadon sawijining panggedhene bangsa
Midian; Kozbi iku dipateni mbarengi wewelak
kang jalaran saka Peor iku.”

Wong Israel kacacahake kang kaping pindhone

26:1-65

26 1 Kacarita sawuse anane wewelak iku
mau, Pangeran Yehuwah ngandika

marang Nabi Musa lan marang Imam Eleazar
putrane Imam Harun: [2] “Sira padha nacahna
wong Israel saumat kabeh kang umur rong
puluh taun sapandhuwur, miturut talere, iya
wong-wong kang sembada ing perang.” [3] Nabi
Musa lan Imam Eleazar banjur ngandika
marang wong Israel ana ing tanah ngare ing
Moab, ing sapinggiring bengawan Yarden
sacedhake Yerikho: [4] “Kabeh wong kang umur
rong puluh taun sapandhuwur iku cacahna!”
-- kaya kang wus dadi dhawuhe Pangeran
Yehuwah marang Nabi Musa mau.

Iki pratelane wong Israel kang padha metu
saka ing tanah Mesir.

[5] Rama Ruben iku pambajenge Rama Israel;
dene mungguh turune Rama Ruben miturut
golongane, yaiku: kang saka Rama Henokh
iku bani Henokh; saka Rama Palu iku bani
Palu. [6] Rama Hezron iku bani Hezron lan
kang saka Rama Karmi iku bani Karmi. [7] Iku
mau golongane bani Ruben, dene wonge
kang padha kacacahake ana patang puluh
telu ewu pitung atus telung puluh. [8] Putrane
Rama Palu iku Eliab; [9] anake Eliab iku Nemuel,
Datan lan Abiram. Mungguh Datan lan Abiram
wong kang pinilih dening umat iku kang
padha mbalela marang Nabi Musa lan Imam
Harun, kalawan sakuthon karo grombolane
Korakh, nalika padha mbalela marang Sang
Yehuwah. [10] Nanging bumi banjur ngangapake
cangkeme lan nguntal marang wong-wong
mau bebarengan karo Korakh, satemah
grombolane padha mati, dalasan wong rong

atus seket padha kamangsa ing geni minangka
pangeling-eling, [11] nanging anake Korakh
padha ora mati.
[12] Turune Rama Simeon miturut golongane,
yaiku: kang saka Rama Nemuel iku bani
Nemuel; kang saka Rama Yamin iku bani
Yamin; kang saka bani Yakhin iku bani Yakhin;
[13] kang saka Rama Zerakh iku bani Zerakh lan
kang saka Rama Saul iku bani Saul. [14] Iku mau
golongane bani Simeon, dene wonge kang
padha kacacahake ana rolikur ewu rong atus.
[15] Turune Rama Gad miturut golongane,
yaiku: kang saka Rama Zefon iku bani Zefon;
kang saka Rama Khagi iku bani Khagi; kang
sama Rama Syuni iku bani Syuni; [16] kang saka
Rama Ozni iku bani Ozni; kang saka Rama Eri
iku bani Eri; [17] kang saka Rama Arod iku bani
Arod; kang saka Rama Areli iku bani Areli.
[18] Iku mau golongane bani Gad, dene wonge
kang padha kacacahake ana patang puluh ewu
limang atus.
[19] Para putrane Rama Yehuda yaiku Rama Er
lan Rama Onan; Rama Er lan Onan wus padha
seda ana ing tanah Kanaan. [20] Turune Rama
Yehuda miturut golongane, yaiku: kang saka
Rama Syela iku bani Syela; kang saka Rama
Peres iku bani Peres lan kang saka Rama
Zerakh iku bani Zerakh; [21] bani Peres yaiku:
saka Rama Hezron iku bani Hezron lan kang
saka Rama Hamul iku bani Hamul. [22] Iku mau
golongane bani Yehuda, dene wonge kang
padha kacacahake ana pitung puluh nem ewu
limang atus.

[23] Turune Rama Isakhar miturut golongane,
yaiku: kang saka Rama Tola iku bani Tola;
kang saka Rama Pua iku bani Pua; [24] kang
saka Rama Yasub iku bani Yasub lan kang saka
Rama Simron iku bani Simron. [25] Iku mau
golongane bani Isakhar, dene mungguh wonge
kang padha kacacahake ana sawidak papat
ewu telung atus.
[26] Turune Rama Zebulon miturut golongane,
yaiku: kang saka Rama Sered iku bani Sered;
kang saka Rama Elon iku bani Elon; kang
saka Rama Yahleel iku bani Yahleel. [27] Iku
mau golongane bani Zebulon, dene mungguh
wonge kang padha kacacahake ana suwidak
ewu limang atus.
[28] Putrane Rama Yusuf iku Rama Manasye
lan Rama Efraim. [29] Turune Rama Manasye
miturut golongane, yaiku: kang saka Rama
Makhir iku bani Makhir; lan Rama Makhir
peputra Gilead; Rama Gilead iku nurunake
bani Gilead. [30] Iki turune Rama Gilead: kang
saka Rama Iezer iku bani Iezer; kang saka
Rama Helek iku bani Helek; [31] kang saka Rama
Asriel iku bani Asriel; kang saka Rama Sekem
iku bani Sekem; [32] kang saka Rama Semida
iku bani Semida lan kang saka Rama Hefer
iku bani Hefer. [33] Anadene Zelafehad bin Hefer
iku ora duwe anak lanang, mung wadon bae;
dene anake wadon Zelafehad iku jenenge:
Makhla, Noa, Hogla, Milka lan Tirza. [34] Iku
mau golongane bani Manasye, dene mungguh
wonge kang padha kacacahake ana seket loro
ewu pitung atus.

35 Iki turune Rama Efraim miturut golongane,
yaiku: kang saka Rama Sutelah iku bani
Sutelah; kang saka Rama Bekher iku bani
Bekher; kang saka Rama Tahan iku bani
Tahan. 36 Dene turune Rama Sutelah, kang
saka Rama Eran iku bani Eran. 37 Iku mau
golongane bani Efraim, dene wonge kang
padha kacacahake ana telung puluh loro ewu
limang atus. Iku mau turune Rama Yusuf
manut golongane.
38 Turune Rama Benyamin miturut golongane,
yaiku: kang saka Rama Bela iku bani Bela;
kang saka Rama Asybel iku bani Asybel; kang
saka Rama Ahiram iku bani Ahiram; 39 kang
saka Rama Sefufam iku bani Sefufam; kang
saka Rama Hufam iku bani Hufam; 40 Putrane
Rama Bela iku Rama Ared lan Rama Naaman.
Kang saka Rama Ared iku bani Ared lan kang
saka Rama Naaman iku bani Naaman. 41 Iku
mau golongane bani Benyamin, dene mungguh
wonge kang padha kacacahake ana patang
puluh lima ewu nem atus.
42 Turune Rama Dhan miturut golongane,
yaiku: kang saka Rama Suham iku bani
Suham. Iya iku golongane turune Rama Dhan.
43 Sakehe golongane bani Suham kang padha
kacacahake ana sawidak papat ewu patang
atus.
44 Turune Rama Asyer miturut golongane,
yaiku: kang saka Rama Yimna iku bani Yimna;
kang saka Rama Yiswi iku bani Yiswi lan kang
saka Rama Beria iku bani Beria. 45 Turune
Rama Beria iku: kang saka Rama Heber iku

bani Heber; kang saka Rama Malkiel iku bani
Malkiel. 46 Anadene putrane Rama Asyer kang
estri asmane Serah. 47 Iku mau golongane
bani Asyer, dene mungguh wonge kang padha
kacacahake ana seket telu ewu patang atus.
48 Turune Rama Naftali miturut golongane,
yaiku: kang saka Rama Yahzeel iku bani
Yahzeel; kang saka Rama Guni iku bani Guni;
49 kang saka Rama Yezer iku bani Yezer; kang
saka Rama Syilem iku bani Syilem. 50 Iku mau
golongane bani Naftali, dene mungguh wonge
kang padha kacacahake ana patang puluh lima
ewu patang atus. 51 Wong Israel kang padha
kacacahake iku mau gunggunge kabeh ana:
nem atus siji ewu pitung atus telung puluh.
52 Pangeran Yehuwah tumuli ngandika
marang Nabi Musa: 53 "Taler-taler iku padha
kawenehana panduman tanah miturut
jeneng-jeneng kang kacathetan, dadia
pusakane. 54 Kang akeh cacahe kaparingana
panduman tanah pusaka kang akeh, lan kang
sathithik kaparingana panduman tanah pusaka
sathithik; saben taler padha kapandumana
dhewe-dhewe miturut jeneng-jeneng kang
kacathetan. 55 Ewasamono pangedume tanah
iku kudu srana kaundhi; anggone padha
tampa panduman mituruta jenenging talere
leluhure. 56 Panduman duweke siji-sijining
taler mesthi undha-usuk kehsathithike lan
mituruta ing satibane undhi."
57 Anadene bani Lewi kang kacacahake
miturut golongane iku mangkene: kang saka
Rama Gerson iku bani Gerson; kang saka

Rama Kehat iku bani Kehat; kang saka Rama
Merari iku bani Merari. 58 Iki golongane turune
Rama Lewi: golongane bani Kehat, golongane
bani Libni, golongane bani Hebron, golongane
bani Makhli, golongane bani Musi lan
golongane bani Korakh. Anadene Rama Kehat
peputra Amram. 59 Garwane Rama Amram iku
Ibu Yokhebet, putrane Rama Lewi, kang miyos
ana ing tanah Mesir. Ibu Yokhebet iku mbabar
Imam Harun lan Nabi Musa apadene Ibu
Miryam sadhereke estri, patutan karo Rama
Amram. 60 Imam Harun peputra Imam Nadab,
Abihu, Eleazar lan Imam Itamar. 61 Nanging
Imam Nadab lan Abihu iku seda nalika padha
ngunjukake geni kang dudu mesthine ana ing
ngarsane Sang Yehuwah. 62 Anadene wonge
kang padha kacacahake iku ana telu likur ewu,
yaiku sakehe kang lanang kang umur sasasi
sapandhuwur; marga anggone kacacahake
ora bebarengan karo wong Israel liyane, awit
padha ora kapanduman tanah pusaka ana ing
antarane wong Israel.

63 Iku mau pratelane kang padha kacacahake
dening Nabi Musa lan Imam Eleazar nalika
padha ana ing tanah ngare ing Moab, ing
sabrange bengawan Yarden, sacedhake kutha
Yerikho. 64 Anadene panunggalane iku ora
ana siji bae kang biyen wus kacacahake
dening Nabi Musa lan Imam Harun nalika
padha ana ing pasamunan Sinai. 65 Marga
Pangeran Yehuwah wus ngandika: “Iku mesthi
bakal padha mati ana ing pasamunan.” Dene

panunggalane ora ana kang isih urip kajaba
mung Kaleb bin Yefune lan Yusak bin Nun.

Bab wewenang tampa warisan tumrap anak wadon

27:1-11

27 [1] Nalika samana para anake wadon
Zelafehad bin Hefer bin Gilead bin
Makhir bin Manasye, kalebu turune Manasye
putrane Rama Yusuf -- para anake wadon
iku jenenge: Makhla, Noa, Hogla, Milka lan
Tirza, -- [2] padha seba marang ngarsane Nabi
Musa lan Imam Eleazar, sarta ing ngarepe
para panggedhe lan sapepake pasamuwan
ana ing ngarepe lawangane Tarub Pasewakan,
sarta matur: [3] "Bapak kula sampun sami
pejah wonten ing pasamunan, sanadyan boten
tumut grombolanipun tiyang ingkang sami
nglawan dhateng Pangeran Yehuwah; inggih
boten tumut grombolanipun Korakh; nanging
anggenipun pejah margi saking dosanipun
piyambak, mangka boten nilar anak jaler.
[4] Kenging punapa dene bapa kula kedah sirna
saking golonganipun, margi boten tilar anak
jaler? Kula mugi sami kaparingana siti wonten
ing antawisipun sadherekipun bapa kula."
[5] Nabi Musa banjur nglajengake prakara iku
marang ngarsane Sang Yehuwah.

[6] Pangeran Yehuwah tumuli ngandika marang
Nabi Musa: [7] "Ature anak-anake Zelafehad iku
bener; pancen sira wajib mandumi tanah ana
ing antaraning para sadulure bapakne; warisan

tinggalane bapakne iku kaeliha dadi duweke
anake. 8 Karodene wong Israel iku padha
sira dhawuhana mangkene: Manawa ana
wong mati ora tinggal anak lanang, warisan
tinggalane iku kawenehna marang anake
wadon. 9 Lan saupama iya ora duwe anak
wadon, warisan tinggalane padha kawenehna
marang sadulure lanang. 10 Saupama iya ora
duwe sadulur lanang, warisan tinggalane
padha kawenehna marang sadulure lanang
bapakne. 11 Lan saupama bapakne iya ora
duwe sadulur lanang, warisan tinggalane iku
kawenehna marang sanake kang kaprenah
cedhak dhewe saka antaraning golongane,
supaya dadia duweke."
Mangkono iku kang kudu dadi wewatoning bebeneran kanggo marang wong Israel, kaya kang dadi dhawuhe Pangeran Yehuwah marang Nabi Musa mau.

Kang nggenteni Nabi Musa

27:12-23

12 Pangeran Yehuwah banjur ngandika
marang Nabi Musa: "Sira munggaha ing
gunung Abarim iki, nuli nyawanga marang
tanah bakal peparingingSun marang wong
Israel. 13 Dene sawuse sira sawang, banjur
sira iya bakal kaklumpukake karo para
leluhurira padha kaya kakangira Harun
anggone wus kaklumpukake biyen. 14 Mulane
mangkono awit nalika ana ing pasamunan
Zin, wong-wong padha nglawan, sira sakloron

padha mbangkang marang dhawuhingSun,
supaya padha ngatonake kasuceningSun ana
ing ngarepe wong-wong iku srana ngolehake
banyu." Iya iku sumber Meriba ing sacedhake
Kadesy ing pasamunan Zin.
15 Nabi Musa tumuli munjuk marang Sang
Yehuwah: 16 "Pangeran Yehuwah, Gusti Allah
ingkang nguwaosi rohing sadaya tumitah,
mugi karsaa ngangkat satunggaling tiyang,
17 ingkang ngirid lampahipun samangsa medal
lan lumebet, saha ngirid lampahipun samangsa
kesah lan dhateng, satemah pasamuwan
kagunganipun Sang Yehuwah punika boten
ngantos kados menda ingkang tanpa pangen."
18 Pangandikane Pangeran Yehuwah marang
Nabi Musa: "Sira ngajaka Yusak bin Nun, wong
kang kapenuhan ing roh, sira tumpangana
tanganira, 19 sarta kaadegna ana ing ngarepe
Imam Eleazar lan ing ngarepe sapepake
pasamuwan, banjur sira kandhanana
kawajibane, kalawan kaseksen ing wong
saumat kabeh; 20 apadene sira wenehana
kawibawanira saperangan, supaya disuyudi
dening sapasamuwane wong Israel kabeh.
21 Yusak iku ngadega ana ing ngarepe Imam
Eleazar, dene Eleazar iku negesa marang
putusaning Urim tumrap dheweke ana ing
ngarsaning Yehuwah. Wong-wong anggone
padha metu marga saka dhawuhe lan marga
saka dhawuhe uga anggone lumebu, dheweke
dalah sakehe wong Israel, iya sapepake umat
iku kabeh." 22 Nabi Musa banjur nglampahi
apa kang dadi dhawuhe Sang Yehuwah;

Yusak tumuli katimbalan lan kadhawuhan
ngadeg ana ing ngarepe Imam Eleazar lan
ing ngarepe sapepake umat kabeh. 23 Yusak
nuli ditumpangi astane lan ditedahi kang dadi
kawajibane, kaya kang wus kadhawuhake
dening Pangeran Yehuwah marang Nabi Musa.

Bab kurban esuk lan kurban sore

28:1-8

28 1 Pangeran Yehuwah ngandika marang
Nabi Musa: 2 "Sira ndhawuhana
wong Israel sarta sira tuturana: Sira padha
ngaturna sesaosan marang Ingsun kanthi
temen-temen sarta ing waktu kang wus
katemtokake minangka dhaharingSun awujud
kurban genenan, kang gandane gawe renane
panggalihingSun. 3 Sira tutura marang wong-
wong iku: Iki wujude kurban genenan kang
kudu sira saosake marang Pangeran Yehuwah:
saben dina wedhus gembel loro kang tanpa
cacad umur sataun, minangka kurban obaran
ajegan. 4 Wedhus kang siji kaolaha ing wayah
esuk, lan sijine kaolaha ing wayah sore.
5 Iku kanthenana glepung gandum pilihan
saprasepuluh efa kacampur lenga dheplokan
saprapat hin minangka kurban dhaharan.
6 Iku kurban obaran ajegan kang anggone
kaolah sakawit ing gunung Sinai minangka
ganda kang gawe renaning panggalih,
kurban genenan kang kasaosake marang
Sang Yehuwah. 7 Dene kang kanggo kurban
unjukan iku anggur saprapat hin kanggo

wedhus siji; sira ngesokna omben-omben
kang mendemi minangka kurban unjukan
kagem Sang Yehuwah ana ing pasucen. 8 Dene
wedhus sijine sira olaha ing wayah sore,
anggonira ngolah iku padha kaya kurban
dhaharan ing wayah esuk, lan kaya kurban
unjukan minangka kurban genenan, kang
gandane gawe renaning panggalihe Pangeran
Yehuwah."

Kurban Sabat lan kurban ing tanggal sapisan

28:9-15

9 "Ing dina Sabat, wedhus gembel loro kang
umur sataun kang tanpa cacad, kakanthenana
glepung gandum pilihan rong prasepuluh
efa, kaolah kalawan lenga, minangka kurban
dhaharan sarta kabarengna karo kurban
unjukan. 10 Iku kurban obaran Sabat ing saben
dina Sabat, kajaba kurban obaran ajegan lan
kurbane unjukan.
11 Ing saben wiwitane sasinira sira padha
nyaosna kurban obaran marang Sang Yehuwah
arupa sapi lanang nom loro, wedhus gibas
lanang siji, lan wedhus gibas kang tanpa
cacad kang umur sataun pitu; 12 lan uga
glepung gandum pilihan telung prasepuluh efa
kaolah kalawan lenga kanggo sapi lanang siji,
minangka kurban dhaharan; wedhuse gibas
lanang siji iku kakanthenana glepung gandum
pilihan rong prasepuluh efa kaolah kalawan
lenga kanggo kurban dhaharan; 13 sarta

wedhuse iku siji-sijine kakanthenana glepung
gandum pilihan saprasepuluh efa kaolah
kalawan lenga kanggo kurban dhaharan;
iku dadi kurban obaran, ganda kang gawe
rena, kurban genenan kagem Sang Yehuwah.
14 Dene kurban-kurbane unjukan iku saben
sapi siji kakanthenana anggur satengah hin,
wedhuse gibas lanang siji anggure sapratelon
hin, dene wedhuse nyaprapat hin. Iku kurban
obaran saben tanggal sapisan ing saben sasi
sajroning sataun. 15 Karomaneh anaa wedhus
berok siji kang kaolah minangka kurban
pangruwating dosa, konjuk marang Sang
Yehuwah kakanthenan kurban unjukan; iku
kajaba kurban obaran ajegan."

Bab kurban ing dina-dina riyaya

28:16--29:40

16 "Ing sasi kapisan tanggal patbelas iku
Paskahe Pangeran Yehuwah, 17 lan ing
tanggale limalas sasi iku dina riyaya; pitung
dina lawase wong padha mangana roti tanpa
ragi. 18 Ing dinane kang kapisan sira nganakna
pasamuwan suci, sarta sira aja nindakake
pagawean kang abot; 19 sarta sira padha
nyaosna kurban genenan, iya kurban obaran
konjuk marang Sang Yehuwah arupa sapi
lanang nom loro, wedhus gibas lanang siji
lan wedhus kang umur sataun pitu; kabeh
kang tanpa cacad. 20 Minangka kurbane
dhaharan glepung gandum pilihan kaolah
kalawan lenga, telung prasapuluh efa kanggo

sapi siji, lan kanggo wedhus lanang siji rong
prasapuluh efa; [21] sarta wedhus kang pitu
iku siji-sijine kacawisana saprasapuluh efa.
[22] Sabanjure wedhus berok siji minangka
kurban pangruwating dosa, kanggo nganakake
pirukun tumrap sira. [23] Kajaba kurban obaran
esuk, kang klebu kurban obaran ajegan, kabeh
iku kudu sira saosake. [24] Kaya mangkono
anggonira saben dina padha nyaosake kurban
dhaharan awujud kurban genenan kang
gandane gawe renaning panggalihe Pangeran
Yehuwah, nganti pitung dina lawase; iku
kajaba kurban obaran ajegan lan kurban
unjukan. [25] Ing dina kang kapitune sira
nganakna pasamuwan suci lan aja nindakake
pagawean kang abot.

[26] Ing dina wiwitaning panen, samangsa
sira padha ngladekake kurban dhaharan
anyar marang Pangeran Yehuwah, ing
riyaya Pungkasaning Pitung Minggu sira
padha nganakna pasamuwan suci, sarta aja
nindakake pagawean kang abot. [27] Ing dina iku
sira padha nyaosna kurban obaran minangka
ganda kang gawe renaning panggalihe Sang
Yehuwah: sapi lanang nom loro, wedhus gibas
lanang siji lan wedhus kang umur sataun
pitu. [28] Karo kurbane dhaharan arupa glepung
gandum pilihan, kaolah kalawan lenga; saben
sapi siji kakanthenana telung prasapuluh efa,
kanggo wedhuse kang lanang rong prasapuluh
efa, [29] lan kanggo wedhus kang pitu iku, saben
wedhus siji saprasapuluh efa. [30] Karomaneh
wedhus berok siji kagawe nganakake pirukun

tumrap sira. 31 Kurban obaran ajegan, sarta
kurban dhaharan apadene kurban-kurban
unjukan, iku kudu sira saosake kabeh. Sira
padha miliha kewan kang tanpa cacad.
29 1 Ing sasi kapitu tanggal sapisan sira
padha nganakna pasamuwan suci, sarta
aja nindakake sadhengah pagawean kang
abot, iku dadia dina ngunekake kalasangka.
2 Ing dina iku sira padha nyaosna kurban
obaran minangka ganda kang gawe renaning
Pangeran Yehuwah arupa sapi lanang nom siji
lan wedhus gibas lanang siji sarta wedhus
gibas kang tanpa cacad umur sataun pitu;
3 karo kurbane dhaharan: glepung gandum
pilihan, kaolah kalawan lenga, kehe telung
prasapuluh efa kanggo sapi lanang mau,
lan rong prasapuluh efa kanggo wedhuse
gembel lanang, 4 dene wedhuse kang pitu
iku kanggo siji-sijine saprasapuluh efa.
5 Apamaneh wedhus berok siji minangka
kurban pangruwating dosa, kanggo nganakake
pirukun tumrap sira, 6 kajaba kurban obaran
saben tanggal sapisan lan kurban dhaharan,
apadene kurban obaran ajegan sarta kurban
dhaharan lan kurban unjukan, miturut
pranatane, minangka ganda kang gawe
renaning panggalih, kurban genenan konjuk
marang Sang Yehuwah.
7 Ing sasi kapitu mau tanggal sapuluh sira
padha nganakna pasamuwan suci lan padha
ngesorna awak kalawan pasa; aja nglakoni
sadhengah pagawean. 8 Ing dina iku sira padha
nyaosna kurban obaran minangka ganda

kang gawe rena konjuk marang Yehuwah,
arupa sapi lanang nom siji, wedhus gibas
lanang siji lan wedhus gembel kang umur
sataun pitu, kabeh mau kang tanpa cacad;
9 karo kurbane dhaharan: glepung gandum
pilihan kaolah kalawan lenga, kanggo sapine
telung prasapuluh efa, kanggo wedhuse gibas
lanang rong prasapuluh efa, 10 lan kanggo
wedhuse kang pitu iku siji-sijine saprasapuluh
efa. 11 Karomaneh wedhus berok siji kanggo
kurban pangruwating dosa. Iku kajaba kurban
pangruwating dosa kang kanggo nganakake
pirukun, lan kurban obaran ajegan karo
kurban dhaharan apadene kurban unjukan.

12 Ing tanggal limalas sasi kapitu iku sira
padha nganakna pasamuwan suci; sira aja
nindakake pagawean kang abot; sira padha
nganakna riyaya sumaos marang Pangeran
Yehuwah, lawase pitung dina. 13 Ing wektu iku
sira padha nyaosna kurban obaran minangka
kurban genenan, kang gandane gawe renaning
panggalihe Sang Yehuwah arupa: sapi lanang
nom telulas, wedhus gibas lanang loro lan
wedhus gembel kang umur sataun patbelas,
kabeh mau kudu kang tanpa cacad; 14 uga
kurbane dhaharan arupa glepung gandum
pilihan kaolaha kalawan lenga; kanggo sapi
lanang telulas mau saben sapi siji telung
prasapuluh efa, lan kanggo wedhuse lanang
loro iku saben wedhus siji rong prasapuluh
efa; 15 sarta maneh kanggo wedhuse kang
patbelas iku, saben wedhus siji saprasepuluh
efa. 16 Karomaneh wedhus berok siji kanggo

kurban pangruwating dosa; kabeh mau kajaba
kurban obaran ajegan karo kurbane dhaharan
lan kurbane unjukan.
17 Ing dina kang kapindho: sapi lanang nom
rolas, wedhus gibas lanang loro lan wedhus
gembel umur sataun tanpa cacad patbelas;
18 karo kurbane dhaharan lan kurbane
unjukan, yaiku kanggo sapi-sapine lanang,
kanggo wedhus-wedhuse lanang lan kanggo
wedhus-wedhuse kang enom iku cacahe
miturut pranatane. 19 Karomaneh wedhus
berok siji kanggo kurban pangruwating
dosa. Kabeh mau kajaba kurban obaran
ajegan, kurbane dhaharan lan kurban-kurbane
unjukan.
20 Ing dina kang katelu: sapi lanang nom
sawelas, wedhus gibas lanang loro lan wedhus
gembel tanpa cacad umur sataun patbelas;
21 karo kurbane dhaharan lan kurbane
unjukan, yaiku kanggo sapi-sapine lanang,
kanggo wedhus-wedhuse lanang lan kanggo
wedhus-wedhuse kang enom iku cacahe
miturut pranatane. 22 Karomaneh wedhus
berok siji kanggo kurban pangruwating dosa.
Kabeh mau kajaba kurban obaran ajegan,
kurban dhaharan lan kurbane unjukan.
23 Ing dina kang kaping pat: sapi lanang
nom sapuluh, wedhus gibas lanang loro lan
wedhus gembel kang tanpa cacad umur
sataun patbelas, 24 karo kurbane dhaharan lan
kurbane unjukan, yaiku kanggo sapi-sapine
lanang, kanggo wedhus-wedhuse lanang lan
kanggo wedhus-wedhuse enom iku cacahe

miturut pranatane. 25 Karomaneh wedhus
berok siji kanggo kurban pangruwating dosa.
Kabeh mau kajaba kurban obaran ajegan,
kurbane dhaharan lan kurbane unjukan.
26 Ing dina kang kaping lima: sapi lanang
nom sanga, wedhus gibas lanang loro, lan
wedhus gembel kang tanpa cacad umur
sataun patbelas; 27 karo kurbane dhaharan
lan kurban-kurbane unjukan, yaiku kanggo
sapi-sapine lanang, kanggo wedhus-wedhuse
lanang lan kanggo wedhus-wedhuse kang
enom iku, cacahe miturut pranatane; 28 lan
wedhus berok lanang siji kanggo kurban
pangruwating dosa, kabeh mau kajaba kurban
obaran ajegan, kurban dhaharan lan kurbane
unjukan.
29 Ing dina kang kaping nem: sapi lanang
nom wolu, wedhus gibas lanang loro lan
wedhus gembel kang tanpa cacad umur
sataun patbelas, 30 karo kurbane dhaharan lan
kurbane unjukan, yaiku kanggo sapi-sapine
lanang, kanggo wedhus-wedhuse lanang lan
kanggo wedhus-wedhuse kang enom iku,
cacahe miturut pranatane. 31 Karomaneh
wedhus berok siji kanggo kurban pangruwating
dosa. Kabeh mau kajaba kurban obaran
ajegan, kurbane dhaharan lan kurbane
unjukan.
32 Ing dina kang kaping pitu: sapi lanang
nom pitu, wedhus gibas lanang loro lan
wedhus gembel kang tanpa cacad umur
sataun patbelas, 33 karo kurbane dhaharan lan
kurbane unjukan, yaiku kanggo sapi-sapine

lanang, kanggo wedhus-wedhuse lanang lan
kanggo wedhus-wedhuse kang enom iku,
cacahe miturut pranatane. 34 Karomaneh
wedhus berok siji kanggo kurban pangruwating
dosa. Kabeh mau kajaba kurban obaran
ajegan, kurbane dhaharan lan kurbane
unjukan.
35 Ing dina kang kaping wolu sira nganakna
pasamuwan gedhe, sira aja nindakake
pagawean kang abot. 36 Ing wektu iku
sira padha saosa kurban obaran, kurban
genenan, kang gandane gawe renaning
Pangeran Yehuwah arupa sapi lanang nom
siji, wedhus gibas lanang siji lan wedhus
gembel kang tanpa cacad kang umur sataun
pitu. 37 Karo kurbane dhaharan lan kurbane
unjukan, yaiku kanggo sapine lanang, kanggo
wedhuse lanang lan kanggo wedhus-wedhuse
kang enom iku, cacahe miturut pranatane.
38 Karomaneh wedhus berok siji kanggo
kurban pangruwating dosa. Kabeh mau kajaba
kurban obaran ajegan, kurbane dhaharan lan
kurbane unjukan.
39 Iku mau kabeh kang kudu padha sira
olah kagem Pangeran Yehuwah ing dina-dina
riyayanira, minangka kurban-kurbanira
obaran, kurban-kurbanira dhaharan, kurban-
kurbanira unjukan lan kurban-kurbanira
kaslametan lan kurban-kurbanira manasuka.”
40 Nabi Musa tumuli mituturi marang wong
Israel miturut apa kang kadhawuhake dening
Pangeran Yehuwah kabeh marang Nabi Musa.

Bab punagine wong wadon

30:1-16

30 [1] Nabi Musa ngandika marang para
pemimpine talere Israel mangkene: "Iki
prakara kang didhawuhake dening Pangeran
Yehuwah. [2] Manawa ana wong lanang nglairake
punagi utawa nglairake sumpah marang Sang
Yehuwah, iku kawengku ing kasaguhane ing
bab sawijining prakara, mulane aja nganti
nerak janjine; apa kang wus diucapake
iku kudu ditetepi. [3] Balik manawa wong
wadon kang nglairake punagi marang Sang
Yehuwah, iku kawengku ing kasaguhane
ing bab sawijining prakara ana ing omahe
bapakne, yaiku sajrone isih prawan. [4] Mangka
bapakne mau krungu punagine lan janjine,
nanging bapakne mau ora kandha apa-apa
marang anake mau; manawa mangkono apa
sapunagine kabeh mesthi tetep lan apa bae
kang dadi janjine iya mesthi tetep. [5] Nanging
saupama bapakne nalika krungu bab iku nuli
ngelikakake, dadi apa sapunagine lan apa kang
dadi kasaguhane iku ora kanggo, sarta bakal
diapura dening Pangeran Yehuwah, marga wus
dielikake dening bapakne.

[6] Nanging manawa wong wadon mau
omah-omah, mangka isih duwe punagi utawa
salah sawijining janji kang diucapake klawan
tanpa dipikir lan kang nencang marang wong
iku, [7] lan somahe iya krungu bab iku, mangka
meneng bae nalika krungu mau, dadi punagine

mesthi tetep lan kasaguhane kang nencang
iku iya tetep. 8 Nanging saupama somahe
nalika krungu bab iku tumuli ngelikake, iku
mbatalake punagi lan janji kang diucapake
dening kang wadon klawan tanpa dipikir mau,
lan kang nencang bojone iku, dene Pangeran
Yehuwah bakal paring pangapura marang
bojone.
9 Mungguh punagine randha utawa wong
wadon kang kapegat, kabeh kang nencang
dheweke, iku tetep ana ing awake.
10 Dene manawa ana wong wadon ana
ing omahe banjur nglairake punagi utawa
nglairake janji klawan sumpah, 11 mangka
lakine krungu, nanging meneng bae lan
ora ngelingake, dadi apa sapunagine kabeh
mesthi tetep, lan apa bae kang dadi janjine
wong wadon iku mesthi tetep. 12 Balik
saupama bojone nalika krungu mau tumuli
mbatalake prakara iku kalawan keras, apa
kang wus diucapake dening kang wadon,
iya punagine iya kasaguhane iku batal, wus
dibatalake dening bojone, sarta kang wadon
bakal diapura dening Pangeran Yehuwah.
13 Sadhengah punagine wong wadon lan
sadhengah janjine kalawan sumpah, arep
ngesorake awake kalawan pasa, iku bojone
kang wenang netepake, lan iya bojone kang
wenang mbatalake. 14 Nanging manawa
bojone sadina-dina mung tansah meneng bae,
iku dadine wus netepake sakehe punagine
kang wadon, utawa sakehe kasaguhane kang
dadi sanggane kang wadon mau. Anggone

netepake iku, marga nalika krungu bab iku
meneng bae. 15 Nanging manawa anggone
mbatalake mau let sawatara dina karo
krungune, kang lanang kang bakal nyangga
kaluputane kang wadon.”
16 Iku mau pranatan kang kadhawuhake
dening Pangeran Yehuwah marang Nabi Musa,
yaiku ing antarane wong lanang lan somahe,
sarta ing antarane bapa karo anake wadon
kang isih prawan ana ing omahe bapakne.

Pamalese wong Israel marang bangsa Midian

31:1-24

31 1 Pangeran Yehuwah tumuli ngandika
marang Nabi Musa: 2 “Sira nandukna
pamalese wong Israel marang wong Midian;
sawuse mangkono sira bakal kaklumpukake
karo leluhurira.” 3 Nabi Musa banjur dhawuh
marang bangsa iku, pangandikane: “Wong
panunggalanmu sawatara padha cecawisa ing
perang, nglurugi Midian, padha nandukna
pamalese Sang Yehuwah marang Midian
iku. 4 Saka sakehe talere Israel, saben taler
wong sewu padha lurugna perang.” 5 Tumuli
saben taler nyawisake wong sewu, dadi kabeh
rolas ewu kang padha arep nglurug perang.
6 Iku tumuli didhawuhi dening Nabi Musa
nglurug perang, saben taler wong sewu, sarta
dikantheni Pinehas putrane Imam Eleazar,
kang nggawa piranti pasucen lan kalasangka
kanggo tengara. 7 Banjur padha nempuh

perang nglawan Midian, netepi dhawuhe Sang
Yehuwah marang Nabi Musa, sarta wonge
lanang kabeh padha dipateni. 8 Saliyane
wong-wong kang padha dipateni, wong Israel
iya nyedani para ratu ing Midian, yaiku: Sang
Prabu Ewi, Rekem, Zur, Hur lan Reba, kabeh
cacahe lima; karodene Bileam bin Beor iya
dipateni klawan pedhang. 9 Wong Israel banjur
padha mbandhangi wong wadon bangsa Midian
dalah anak-anake kang isih cilik, sarta kewane
lan raja-kayane apadene raja darbeke padha
dirayah; 10 dene kutha sawewengkone lan
sakehe tarub-tarube padha diobongi. 11 Sakehe
rayahan lan bandhangan rupa manungsa lan
kewan mau padha digawani. 12 Sakehe wong
bandhangan, barang rampasan lan barang
jarahan iku kabeh padha diaturake marang
Nabi Musa lan marang Imam Eleazar tuwin
marang umat Israel ana ing pakemahan ing
tanah ngare Moab, kang kaprenah ana ing
sapinggire bengawan Yarden ing sacedhake
kutha Yerikho.

13 Nabi Musa lan Imam Eleazar sarta
sakehe para pemimpine umat banjur padha
tindak mapag nganti tekan ing sajabane
palereban. 14 Nabi Musa tumuli duka banget
marang para panggedhening wadyabala,
para panewu lan panatus kang padha mulih
saka ing paprangan; 15 pangandikane Nabi
Musa marang wong-wong iku: “Apa wonge
wadon padha kokuripi kabeh? 16 Lah, rak iya
para wong wadon iku ta, kang marga saka
pirembuge Bileam, padha njalari wong Israel

nganti padha nyingkur marang Pangeran
Yehuwah krana saka Peor, temah umate Sang
Yehuwah banjur ketiban wewelak. 17 Kang iku
sakehe anake lanang wong-wong iku padha
patenana, lan sakehe wong wadon kang wus
tau awor turu karo wong lanang iya padha
patenana; 18 mung sakehe bocah wadon
kang durung tau awor turu karo wong lanang
iku padha uripana kanggo kowe. 19 Nanging
kowe iku padha manggona ana ing sajabane
pakemahan lawase pitung dina; sapa kang wus
mateni wong lan sapa kang nggepok jisime
kang mentas dipateni, iku mbirata najise ing
dinane kang katelu, lan ing pitung dinane,
kowe dhewe lan para wong bandhanganmu.
20 Karomaneh sarupane sandhangan lan
sarupane dandanan lulang sarta sabarang
gegawean saka wulu wedhus, apadene sakehe
piranti kayu iku kudu kabirat najise."
21 Imam Eleazar banjur ngandika marang
bala kang mentas padha nglurug perang
mau: "Iki pranatan kang kadhawuhake dening
Pangeran Yehuwah marang Nabi Musa: 22 Mung
barang-barang mas, salaka, tembaga, wesi,
timah putih lan timbel, 23 samubarang kang
tahan geni, iku kaobonga, supaya birat najise.
Ewadene iya isih prelu kabirat najise sarana
banyu pambirating najis; nanging samubarang
kang ora bisa tahan ing geni iku celupna ing
banyu. 24 Apamaneh kowe padha ngumbaha
sandhanganmu ing dinane kang kaping pitu,
temah bakal birat najismu, sawuse mangkono
kowe padha kena lumebu ing palereban."

Bab jarahan

31:25-54

25 Pangeran Yehuwah tumuli ngandika
marang Nabi Musa: 26 “Sira nacahna
sarupaning bandhangan, kang rupa manungsa
lan sato-kewan -- iya sira dalah Imam Eleazar
lan para pemimpining umat iku; 27 nuli
iku kaparoa, kanggo kang padha nglurug
perang, lan kanggo wong saumat kabeh;
28 banjur sira njupuka pisungsung kagem
Sang Yehuwah saka para prajurit kang padha
nglurug perang, saben limang atuse siji, iya
saka manungsa, iya saka sapi, saka kuldi
lan saka wedhus. 29 Iku kajupuka saka kang
separo kang dadi pandumane, banjur sira
tampakna marang Imam Eleazar minangka
pisungsung-mligi kagem Pangeran Yehuwah.
30 Dene separone kang dadi pandumane wong
Israel, iku kajupuka saben sekete siji, iya saka
manungsa, saka sapi, saka kuldi lan saka
wedhus; dadi saka sarupane raja-kaya, sarta
kabeh iku sira pasrahna marang para wong
Lewi kang nglakoni ayahan ing Tarube Suci
Sang Yehuwah.”
31 Nabi Musa lan Imam Eleazar tumuli
padha nglakoni apa kang dadi dhawuhe
Pangeran Yehuwah marang Nabi Musa.
32 Anadene bandhangane, yaiku kekarene
jarahan kang wus dirayah dening para prajurit,
iku gunggunge: wedhus nem atus pitung
puluh lima ewu; 33 sapi pitung puluh loro

ewu, [34] kuldi sawidak siji ewu. [35] Sabanjure
wong-wong, yaiku para wong wadon kang
durung tau awor turu karo wong lanang,
cacahe kabeh telung puluh loro ewu. [36] Dene
kang separo yaiku pandumane wong kang
padha ngetoni perang mau cacahe ana
wedhus telung atus telung puluh pitu ewu
limang atus. [37] Dadi pisungsung kang sumaos
marang Sang Yehuwah ana wedhus nem atus
pitung puluh lima. [38] Sapine ana telung puluh
nem ewu, dadi pisungsunge kang sumaos
marang Pangeran Yehuwah pitung puluh
loro. [39] Kuldine ana telung puluh ewu limang
atus, dadi pisungsung kang sumaos marang
Sang Yehuwah sawidak siji, [40] lan wonge
kabeh nembelas ewu, dadi pisungsunge kang
sumaos marang Pangeran Yehuwah telung
puluh loro. [41] Pisungsung kang mligi kagem
Sang Yehuwah iku banjur diparingake dening
Nabi Musa marang Imam Eleazar, kaya kang
wus kadhawuhake dening Pangeran Yehuwah
marang Nabi Musa mau. [42] Anadene separone
kang dadi pandumane wong Israel, kang wus
dipisah dening Nabi Musa saka pandumane
wong kang padha nglurug perang, [43] yaiku
kang separo kang dadi pandumane umat
iku: wedhus telung atus telung puluh pitu
ewu pitung atus, [44] sapi telung puluh nem
ewu, [45] kuldi telung puluh ewu limang atus,
[46] lan uwong nembelas ewu. [47] Kang separo
kang dadi pandumane wong Israel iku saben
sekete dipundhut siji dening Nabi Musa, iya
kang arupa manungsa lan kang arupa kewan:

iku tumuli padha diparingake marang wong
bani Lewi, kang padha rumeksa marang Tarub
Suci, kaya kang wus dadi dhawuhe Pangeran
Yehuwah marang Nabi Musa mau.
48 Para panggedhening wadya-bala, yaiku
para panewu lan para panatus, banjur
padha sowan marang ngarsane Nabi Musa,
49 sarta padha matur: "Ingkang abdi sampun
sami nacahaken bala ing wewengkon kula,
mangka tetela panunggilan kula boten wonten
ingkang cecer satunggal-tunggala. 50 Mila kula
sami mbekta pisungsung konjuk dhateng
Pangeran Yehuwah, saben tiyang saangsalipun
piyambak-piyambak, warni: barang mas-
masan, kadosta: gelang kroncong, gelang
tangan, sesupe cap, anting-anting saha
rerenggan dhadha kangge ngawontenaken
pirukun tumrap nyawa kula wonten ing
ngarsanipun Sang Yehuwah." 51 Nabi Musa
lan Imam Eleazar tumuli nampeni barang
mas-masan iku mau, kabeh arupa barang
dandanan kang alus. 52 Dene pisungsung
mas kang mligi kang disaosake marang Sang
Yehuwah iku kabeh bobote nembelas ewu
pitung atus seket sekel, samono iku sesaosane
para panewu lan para panatus. 53 Nanging
para prajurit iku siji-sijine wis njarah-rayah
kanggo awake dhewe. 54 Bareng Nabi Musa
lan Imam Eleazar wus nampeni mas iku saka
para panewu lan panatus, mas iku banjur
dilebokake ing Tarub Pasewakan, kanggo
pangeling-eling marang wong Israel ana ing
ngarsane Pangeran Yehuwah.

Bab pangedume tanah sawetane bengawan Yarden

32:1-42

32 [1] Anadene wong bani Ruben lan wong
bani Gad iku raja-kayane akeh, malah
luwih dening akeh. Nalika ndeleng tanah
Yaezer lan tanah Gilead, tumuli padha mawas
yen panggonan kono iku becik banget kanggo
ngingu raja-kaya. [2] Mulane wong bani Gad
lan wong bani Ruben mau banjur padha
sowan sarta matur marang Nabi Musa lan
marang Imam Eleazar, sarta marang para
pemimpine umat: [3] "Nagari ing Astarot, Dibon,
Yaezer, Nimra, Hesybon, Eleale, Sebam,
Nebo saha ing Beon, [4] tanah ingkang sampun
katelukaken dening Pangeran Yehuwah
kangge umat Israel, punika tanah ingkang
prayogi kadamel ngingah raja-kaya, mangka
ingkang abdi punika sami ngingah raja-kaya."
[5] Sarta ature maneh: "Manawi kula sami
angsal sih wonten ing ngarsa panjenengan,
tanah punika mugi kaparingna dhateng para
ingkang abdi dadosa darbek kula, kula mugi
sampun ngantos sami kadhawuhan pindhah
dhateng sabranging benawi Yarden." [6] Nanging
pangandikane Nabi Musa marang bani Gad lan
marang bani Ruben: "Mangsa ta, sadulurmu
padha perang, kowe kok padha arep kari
ana ing kene? [7] Yagene kowe kok arep gawe
nglokroning atine wong Israel nganti padha
wegah nyabrang menyang tanah peparinge

Sang Yehuwah marang wong-wong iku? 8 Kaya
mangkono iku uga kang ditindakake dening
para leluhurmu, nalika padha dakkongkon
saka ing Kadesy-Barnea nelik tanah iku,
9 bareng wus padha tekan ing lebak Eskol,
sarta wus ndeleng tanahe, nuli padha gawe
nglokroning atine wong Israel, temah padha
wegah menyang ing tanah peparinge Sang
Yehuwah marang para umate. 10 Ing nalika
samana bebendune Sang Yehuwah banjur
mulad-mulad sarta Panjenengane ngandika
klawan sumpah: 11 Satemene wong-wong
kang wus padha metu saka ing tanah Mesir,
kang umur rong puluh taun sapandhuwur,
mesthi bakal ora ana kang bisa ndeleng tanah
kang wus Sunprasetyakake klawan sumpah
marang Abraham, Iskak lan Yakub, awitdene
padha ora ngantepi anggone manut marang
Ingsun, 12 kajaba mung Kaleb bin Yefune wong
Kenas lan Yusak bin Nun, marga sakarone
iku padha mbangun turut marang Yehuwah.
13 Kaya mangkono iku njalari mulad-mulading
bebendune Pangeran Yehuwah marang Israel,
sarta padha digawe nglambrang ana ing
pasamunan nganti patang puluh taun lawase,
nganti saenteke wong-wong kang padha
nglakoni ala ana ing paningale Sang Yehuwah.
14 Mangka saiki kowe padha madeg nggenteni
bapak-bapakmu, sawijining grombolan
wong dosa, arep padha muwuhi bentering
bebendune Pangeran Yehuwah marang wong
Israel iku. 15 Manawa kowe padha nyingkur
marang Panjenengane, masthi bakal ditilar

luwih suwe ana pasamunan, dadi kowe kang
padha njalari rusake bangsa iki kabeh.” 16 Ing
kono wong-wong mau tumuli padha nyedhak
Nabi Musa sarta matur: “Kula sami badhe
damel kandhang-kandhang menda wonten
ngriki kangge raja-kaya kula, sarta kitha-kitha
kangge anak-anak kula; 17 nanging kula
piyambak sami badhe enggal-enggal samekta
dedamel lan badhe mlampah wonten ing
ngajengipun tiyang Israel, ngantos dumugi ing
panggenanipun; dene anak-anak kula badhe
sami manggen wonten ing kitha-kitha ingkang
santosa, margi saking tiyang bumi ing nagari
punika. 18 Kula sami boten badhe wangsul
mantuk dhateng griya kula ngantos dumugi
saben tiyang Israel sampun nampeni siti
pandumanipun, 19 awitdene kula sami boten
badhe purun nampeni siti pusaka wonten ing
sabranging benawi Yarden ing salajengipun,
manawi kula sampun sami angsal panduman
wonten ing sawetaning benawi Yarden ngriki.”
20 Pangandikane Nabi Musa marang
wong-wong mau: “Manawa kowe padha arep
nglakoni mangkono, padha arep samekta ing
perang ana ing ngarsane Sang Yehuwah, 21 lan
kowe kabeh, sawuse sikep gegaman banjur
padha arep nyabrang ing bengawan Yarden
ana ing ngarsane Pangeran Yehuwah, nganti
tumeka mungsuhe wus padha katundhung
dening Panjenengane saka ing ngarsane,
22 satemah nagara iku wus teluk ana ing
ngarsane Sang Yehuwah, dadine manawa
besuk kowe padha mulih, kowe wus padha

luwar saka kawajibanmu marang Sang
Yehuwah lan marang Israel, sarta tanah kene
iki masthi dadi duwekmu ana ing ngarsane
Pangeran Yehuwah. 23 Balik manawa kowe
padha ora nglakoni kaya mangkono, dadi kowe
nyata-nyata padha gawe dosa marang Sang
Yehuwah, sarta kowe bakal padha ngrasakake
yen dosamu iku masthi bakal nempuh
marang kowe. 24 Kang iku iya wus padha
gawea kutha-kutha kanggo anak-anakmu
lan kandhang-kandhang kanggo wedhusmu,
dene apa kang wus kokucapake iku padha
lakonana."

25 Bani Gad lan bani Ruben banjur padha
matur marang Nabi Masa: "Ingkang abdi
sami badhe nglampahi punapa ingkang dados
dhawuh panjenengan. 26 Anak semah kula
kaliyan raja-kaya kula saha kewan gadhahan
kula sadaya badhe kantun wonten ing ngriki,
ing kitha-kithanipun tanah Gilead, 27 nanging
ingkang abdi sadaya sami badhe nyabrang
lan nglurug perang wonten ing ngarsanipun
Pangeran Yehuwah, inggih punika sadaya
tiyang ingkang sembada ing perang, netepi
punapa sadhawuh panjenengan."

28 Nabi Musa tumuli ngundhangake bab
ing ngatase wong-wong mau marang Imam
Eleazar lan marang Yusak bin Nun sarta
marang para pemimpining golongane talere
Israel. 29 Pangandikane marang wong-wong
iku: "Manawa bani Gad lan bani Ruben wus
padha melu kowe nyabrang ing bengawan
Yarden, prelu nglurug perang ana ing ngarsane

Sang Yehuwah, yaiku kabeh wong kang sikep
gegamaning perang, sarta manawa tanah iku
wus teluk marang kowe, tanah Gilead iki kudu
kokwenehake minangka duweke, 30 nanging
manawa padha ora melu kowe nyabrang
klawan sikep gegaman, padha kapandumana
tanah minangka darbeke ana ing antaramu
ana ing tanah Kanaan.” 31 Bani Gad lan bani
Ruben banjur padha mangsuli, ature: “Punapa
ingkang kadhawuhaken dening Pangeran
Yehuwah dhateng ingkang abdi sadaya, punika
badhe sami kula estokaken. 32 Kula badhe
sami nyabrang kanthi sikep dedamel wonten
ing ngarsanipun Sang Yehuwah dhateng
tanah Kanaan, dene panduman kula siti
lestantuna wonten ing sabranging benawi
Yarden punika.” 33 Bani Gad lan bani Ruben
sarta separone taler Manasye putrane Sang
Yusuf, padha diparingi dening Nabi Musa:
karajane Sang Prabu Sihon, ratune wong
Amori, lan karajane Sang Prabu Og, ratu ing
Basan, yaiku nagarane dalah kutha-kuthane
nagara kono kabeh lan wewengkone kutha iku
kabeh. 34 Bani Gad banjur padha mbangun
kutha Dibon, Atarot lan Aroer; 35 Atarot-Sofan,
Yaeser lan Yogbeha; 36 Bet-Nimra, Bet-Haran,
padha kadadekake kutha santosa lan kanggo
papaning kandhang-kandhang wedhus.
37 Dene bani Ruben padha mbangun kutha
Hesybon, Eleale lan Kiryataim, 38 Nebo,
Baal Meon, Masabot-Sem lan Sibma, sarta
kutha-kutha kang kabangun iku padha disalini
jenenge.

[39] Bani Makhir bin Manasye iku padha nglurug
menyang ing Gilead, kang banjur karebut,
lan wong Amori kang manggon ing kono
padha katundhung. [40] Makhir bin Manasye
mau banjur diparingi tanah Gilead dening Nabi
Musa sarta iya banjur dienggoni. [41] Anadene
Yair bin Manasye iku tumuli nglurug lan
ngrebut desa-desane, banjur dijenengake
Hawot-Yair. [42] Dene Nobah nglurug lan ngrebut
negara Kehat lan sawewengkone kabeh, sarta
dijenengake Nobah, miturut saka jenenge
dhewe.

Papan-papan palerebane wong Israel ana ing ara-ara samun

33:1-49

33 [1] Iki pratelane panggonan-panggonan
kang diliwati wong Israel sawuse budhal
saka ing tanah Mesir, sagolongan-sagolongan
kairid dening Nabi Musa lan Imam Harun.
[2] Panggonan sing dilereni dipengeti dening Nabi
Musa miturut dhawuhe Pangeran Yehuwah,
iki pratelane panggonan-panggonan sing
dilereni mau. [3] Budhale saka Rameses ing sasi
kapisan tanggale ping limalas salebare Paskah,
wong Israel padha budhal marga dening asta
kang kaulukake, ing sapandelenge wong
Mesir kabeh, [4] nalika samana wong Mesir lagi
mbeneri padha ngubur sakehe pembarep kang
padha dipateni dening Pangeran Yehuwah ana
ing satengahe, marga Sang Yehuwah matrapi
paukuman marang para allahe. [5] Sawuse wong

Israel budhal saka Rameses mau banjur leren
ana ing Sukot. 6 Nuli mangkat saka Sukot lan
leren ana ing Etam, kang kaprenah sapinggire
pasamunan. 7 Budhal saka Etam tumuli bali
menyang ing Pi-Hakhirot, kang kaprenah ana
ing penere Baal-Zefon, sarta padha nginep
ana ing sawetane Migdol. 8 Banjur budhal saka
Pi-Hakhirot, padha nyabrang lumaku ana ing
tengahe segara ngener marang pasamunan,
tumuli lumaku ing pasamunan Etam nganti
telung dina, nuli padha leren ana ing Mara.
9 Banjur budhal saka Mara lan tekan ing Elim;
ing Elim kono ana sendhange rolas lan wit
kurma pitung puluh; tumuli padha nginep
ana ing kono. 10 Saka Elim nuli leren ana
ing pinggire sagara Teberau. 11 Budhal saka
pinggire sagara Teberau, banjur nginep ana
ing pasamunan Sin. 12 Budhal saka pasamunan
Sin, nginep ana ing Dofka. 13 Budhal saka
Dofka nuli leren ana ing Alus. 14 Saka Alus
banjur leren ana ing Rafidim, ana ing kono
wong-wong padha ora oleh banyu kang
diombe. 15 Budhal saka Rafidim, tumuli leren
ana ing pasamunan Sinai. 16 Banjur mangkat
saka pasamunan Sinai, lan nginep ana ing
Kibrot-Taawa. 17 Budhal saka Kibrot-Taawa
banjur padha adeg tarub ana ing Hazerot.
18 Budhal saka Hazerot lan leren ana ing Ritma.
19 Budhal saka Ritma banjur nginep ana ing
Rimon-Peres. 20 Nuli budhal saka Rimon-Peres
lan leren ana ing Libna. 21 Banjur budhal saka
Libna lan leren ana ing Risa. 22 Tumuli mangkat
saka Risa lan nginep ana ing Kehelata.

23 Banjur budhal saka Kehelata lan leren ana
ing Har-Syafer. 24 Nuli budhal saka Har-Syafer
lan adeg tarub ana ing Harada. 25 Tumuli
budhal saka Harada lan nginep ana ing
Makhelot. 26 Banjur mangkat saka Makhelot
lan leren ana ing Tahat. 27 Tumuli budhal saka
Tahat, lan adeg tarub ana ing Tarah. 28 Nuli
mangkat saka Tarah lan nginep ana ing Mitka.
29 Banjur budhal saka Mitka lan leren ana ing
Hasmona. 30 Tumuli budhal saka Hasmona lan
leren ana ing Moserot. 31 Nuli budhal saka
Moserot lan adeg tarub ana ing Bene-Yaakan.
32 Banjur mangkat saka Bene-Yaakan lan
nginep ana ing Hor-Gidgad. 33 Tumuli budhal
saka Hor-Gidgad lan adeg tarub ana ing
Yotbata. 34 Nuli mangkat saka Yotbata lan leren
ana ing Abrona. 35 Banjur budhal saka Abrona
lan nginep ana ing Ezion-Geber. 36 Tumuli
mangkat saka Ezion-Geber lan adeg tarub
ana ing pasamunan Zin, yaiku Kadesy. 37 Nuli
budhal saka Kadesy lan nginep ana ing gunung
Hor, ing tapel-watese tanah Edom.

38 Nalika iku Imam Harun minggah ing
gunung Hor awit saka dhawuhe Pangeran
Yehuwah, banjur seda ana ing kono, ing taun
kaping patang puluh kaetung saka budhale
wong Israel saka ing tanah Mesir, ing sasi
kalima, ing tanggal sapisan. 39 Nalika seda
ana ing gunung Hor iku yuswane Imam Harun
satus telulikur taun.

40 Ing nalika iku raja ing Arad kang kalebu
bangsa Kanaan, kang akedhaton ana ing tanah
Negeb, mireng warta bab tekane wong Israel.

41 Sawuse mangkono Banisrael banjur budhal
saka ing gunung Hor, tumuli leren ana ing
Zalmona. 42 Tumuli budhal saka Zalmona
lan nginep ana ing Funon. 43 Banjur budhal
saka Funon lan leren ana ing Obot. 44 Nuli
mangkat saka Obot lan adeg tarub ana ing
sacedhake jugrugan ing Abarim ing laladan
tanah Moab. 45 Nuli budhal saka ing gempuran
iku lan nginep ana ing Dibon-Gad. 46 Tumuli
mangkat saka Dibon-Gad lan adeg tarub ana
ing Almon-Diblataim. 47 Banjur budhal saka
Almon-Diblataim lan leren ana ing pagunungan
Abarim, ing sangarepe gunung Nebo. 48 Nuli
mangkat saka pagunungan Abarim lan nginep
ana ing tanah ngare ing Moab, ing sapinggire
bengawan Yarden ing sacedhake Yerikho.
49 Anggone padha nginep ana ing sapinggire
bengawan Yarden wiwit saka Bet-Yesimot
tumeka ing Abel-Sitim ing tanah ngare ing
Moab mau.

Apa sing kudu padha ditindakake sawuse tanah Kanaan kena karebut

33:50-56

50 Nalika ana ing tanah ngare ing Moab ing
sapinggire bengawan Yarden ing sacedhake
Yerikho mau, Pangeran Yehuwah ngandika
marang Nabi Musa: 51 "Sira kandhaa marang
wong Israel sarta tutura mangkene: Samangsa
sira wus padha nyabrang ing bengawan
Yarden sarta lumebu ing tanah Kanaan,
52 wong kang manggon ing kono nuli padha

sira tundhungana kabeh saka ing ngarepira,
lan sakehe watu ukir-ukirane padha sira
sirnakna, karodene sakehe reca cithakan iya
padha sira gempurana, dalah sakehe tengger
pepundhene padha sira bubrahana. [53] Tanahe
padha sira ejegana lan sira enggonana,
awitdene sira kang padha Sunparingi tanah iku
supaya dadi darbekira. [54] Anadene anggonira
mbage-mbage tanah iku kang banjur dadi
tanah pusakanira iku nganggoa kaundhi,
miturut golonganira: golongan kang gedhe,
iku kapandumana akeh, lan kang cilik iku
pandumane iya sathithik, miturut undhiane;
pangedume miturut talering para leluhurira.
[55] Nanging manawa sira padha ora nundhungi
wong bumi ing tanah iku saka ing ngarepira,
masthi sapira panunggalane kang kari iku
bakal padha dadi klilip ana ing mripatira, kaya
eri kang nancep ing awakira, sarta bakal padha
gawe susahira ana ing tanah kang sira enggoni
iku. [56] Ingsun bakal nandukake marang sira,
apa kang dadi rancanganingSun kang arep
Suntandukake marang para bangsa iku."

Wates-watese tanah Kanaan

34:1-12

34 [1] Pangeran Yehuwah tumuli ngandika
marang Nabi Musa: [2] "Sira kandhaa
marang wong Israel lan sira tutura mangkene:
Samangsa sira padha lumebu ing tanah
Kanaan, nuli kang masthi bakal dadi darbekira
yaiku tanah Kanaan miturut wates-watese.

3 Anadene watese tanahira kang sisih kidul iku
wiwit saka ing pasamunan Zin ing saurute
tanah Edom; dadi watese kang sisih kidul
iku ing sisih wetan wiwit ing pungkasane
Tlaga Pauyahan. 4 Saka ing kono tapel-watese
tanahira menggok ing sakidule unggah-
unggahan ing Akrabim, terus tekan ing Zin,
lan pantoge ana ing sakidule Kadesy-Barnea,
banjur terus menyang ing Hazar-Adar, lan
terus nganti tekan ing Azmon. 5 Saka ing
Azmon, watese nuli menggok menyang ing
kali Mesir, lan terus nganti tekan ing sagara.
6 Mungguh tapel-watese tanahira kang sisih
kulon sagara gedhe dalah pasisire, yaiku
kang dadi tapel-watesira kang sisih kulon.
7 Dene tapel-watesira kang sisih lor iku: wiwit
saka ing sagara gedhe mau watese kaenerna
tekan ing gunung Hor, 8 saka ing gunung
Hor kaenerna tekan ing Hamat, lan terus
nganti tekan ing Zedad. 9 Tapel-wates mau
banjur terus tekan ing Zifron, nganti notog
ing Hazar-Enan; iku tapel-watesira kang sisih
lor. 10 Anadene tapel-watese kang sisih wetan
iku kaenerna saka Hazar-Enan mau tekan ing
Sefam. 11 Saka ing Sefam iku nuli mudhun
menyang Ribla ing sawetane Ain; watese
banjur terus mudhun maneh nganti tekan
ing pinggiring Tlaga Kineret ing sisih wetan.
12 Watese iku nuli mudhun maneh nganti tekan
ing bengawan Yarden lan terus nganti tekan
ing Tlaga Pauyahan. Yaiku nagaranira miturut
tapel-watese mubeng.”

Bab pangedume tanah Kanaan

34:13-29

13 Nabi Musa banjur dhawuh marang wong
Israel: "Iku mau tanah kang bakal dadi
duwekira srana kaundhi, kang kadhawuhake
dening Pangeran Yehuwah supaya kaparingna
marang taler kang sanga satengah iku.
14 Marga golongane talere Ruben lan
golonganing talere bani Gad wus padha
tampa tanah pusaka, mangkono uga
saparoning talere Manasye iya wus padha
tampa panduman. 15 Loro satengah taler
iku wus padha tampa tanah pusaka ana ing
sabrangane bengawan Yarden ing sacedhake
Yerikho sapangetan."
16 Pangeran Yehuwah ngandika maneh
marang Nabi Musa: 17 "Iki jenenge wong
kang kudu padha ngedum tanah mau marang
sira minangka tanah pusaka, yaiku Imam
Eleazar lan Yusak bin Nun. 18 Karomaneh
saka saben taler mataha pemimpin siji kang
ngrewangi ngedum tanah iku dadi tanah
pusaka. 19 Iki jenenge wong-wong mau: saka
taler Yehuda: Kaleb bin Yefune; 20 saka talere
bani Simeon: Samuel bin Amihud; 21 saka taler
Benyamin: Elidad bin Kislon; 22 saka talere
bani Dhan sawijining pemimpin: Buki bin
Yogli; 23 saka turune Yusuf, kang saka talere
bani Manasye sawijining pemimpin: Haniel bin
Efod; 24 lan saka talere bani Efraim sawijining
pemimpin: Kemuel bin Siftan; 25 saka talere

bani Zebulon sawijining pemimpin: Elisafan bin
Parnakh; [26] saka talere bani Isakhar sawijining
pemimpin: Paltiel bin Azan; [27] saka talere
bani Asyer sawijining pemimpin: Akhilud bin
Selomi; [28] saka talere bani Naftali sawijining
pemimpin: Pedael bin Amihud. [29] Iku mau
wong-wong kang padha kakarsakake dening
Sang Yehuwah ngedum tanah pusaka marang
wong Israel ana ing tanah Kanaan."

Kutha-kuthane wong Lewi

35:1-8

35 [1] Pangeran Yehuwah ngandika marang
Nabi Musa ana ing tanah ngare ing
Moab ing sapinggire bengawan Yarden ing
sacedhake Yerikho: [2] "Sira ndhawuhana
marang wong Israel supaya kutha-kutha kang
dadi darbeke, salong kawenehna marang wong
Lewi dadia papan panggonane; karomaneh
wong Lewi iku iya padha kawenehana lemah
panggonan ana ing sakubenge kutha-kutha
mau. [3] Kutha-kutha iku dadia duweke
minangka papan panggonane, lan lemah
pangonan kanggoa kewane lan sakehe
ingon-ingone liyane. [4] Tanah pangonan kang
sira wenehake marang wong bani Lewi iku,
ambane saka baluwarti tekan ing jaba ana
sewu asta mubeng. [5] Saka ing sajabane kutha
ing sisih wetan sira ngukura rong ewu asta,
sisih kidul rong ewu asta, sisih kulon rong
ewu asta lan ing sisih lor iya rong ewu asta;
dadi kuthane ana ing tengah; iku dadia papan

pangonaning kutha-kuthane. [6] Anadene kutha
kang padha kaparingake marang para bani
Lewi iku kang nem dadia kutha pangungsen,
supaya kenaa diungseni dening wong kang
gawe pati. Saliyane iku sira menehana maneh
kutha patang puluh loro. [7] Sakehe kutha kang
padha kawenehake marang wong bani Lewi
iku gunggunge ana kutha patang puluh wolu
dalah pangonane. [8] Mungguh kutha kang bakal
sira wenehake saka duweke wong Israel iku
taler kang akeh cacahe padha kajupuka akeh,
kang sathithik, kajupuka sathithik. Siji-sijine
taler anggone menehake kuthane menyang
wong Lewi iku pinta-pinta miturut duweke."

Kutha-kutha pangungsen

35:9-34

[9] Pangeran Yehuwah ngandika marang
Nabi Musa: [10] "Sira kandhaa marang wong
Israel sarta sira tutura: Besuk samangsa sira
wus padha nyabrang ing bengawan Yarden
menyang ing tanah Kanaan, [11] nuli sira padha
miliha kutha-kutha pangungsen kanggo
marang sira, supaya kena diungseni dening
wong kang gawe pati, mangka anggone
njalari patining wong mau ora kanthi kajarag.
[12] Kutha-kutha iku padha dadia pangungsenira
kanggo ngoncati wong kang duwe wewenang
males, supaya wong kang gawe pati iku aja
nganti dipateni sadurunge kaajokake marang
ing parepataning umat supaya diadili. [13] Dene
kutha kang padha kawenehake kanggo kutha

pangungsenira iku cacahe nem. 14 Kutha kang
telu dumununga ing sabrange bengawan
Yarden kene, dene kang telu sira temtokna
ana ing tanah Kanaan; iku kabeh padha dadia
kutha pangungsen. 15 Kutha nem iku padha
dadia pangungsen tumrap wong Israel lan
kanggo wong bangsa liya sarta wong kang
neneka ana ing tengahira, supaya saben
wong kang mateni tanpa kajarag bisa ngungsi
mrono.
16 Nanging manawa wong mau anggone
mateni nganggo barang wesi, nganti dadi lan
patine, wong iku gawe pati; lan wong kang
gawe pati iku kudu kaukum pati. 17 Utawa
saupama anggone mateni iku nganggo watu
kang ana ing tangane, kang bisa njalari patine
wong, mangka iya ndadekake lan patine,
iku iya wong gawe pati; wong kang gawe
pati iku kudu kaukum pati. 18 Sarta maneh
saupama dipala klawan piranti kayu kang ana
ing tangane, kang bisa njalari patine wong,
mangka iya ndadekake lan patine, iku iya
wong gawe pati; wong kang gawe pati iku
kudu kaukum pati. 19 Waris pulih getih iku
kudu mateni wong iku; samangsa ketemu
karo wong kang gawe pati iku, dheweke kudu
mateni wong iku. 20 Mangkono uga manawa
wong mau anggone njotosi marga saka
sengit, utawa anggone mbandhem iku klawan
kajarag, nganti ndadekake patine, 21 utawa
maneh manawa wong mau anggone ngepruk
iku marga saka gething nganti ndadekake
patine, wong kang mateni mau kudu dipateni;

iku wong kang gawe pati; waris pulih getih
iku kudu mateni wong kang gawe pati iku
samangsa kapethuk.
22 Nanging manawa anggone njotos mau
dumadakan ora kalawan rasa memungsuhan,
utawa anggone mbandhemake salah sawijining
barang ora kanthi kajarag, 23 utawa tanpa
dipikir ngeprukake watu kang bisa ndadekake
patining wong, temah ndadekake patine,
mangka pancen ora duwe rasa gething, utawa
ngarah tiwase; 24 parepataning umat ngadilana
ing antarane kang gawe pati lan kang wenang
males, miturut pranatan-pranatan iki; 25 sarta
parepataning umat ngluwarana kang gawe
pati iku saka ing tangane wong kang wenang
males, lan dibalekna dening parepatan mau
menyang ing kuthane pangungsen, kang
wus diungseni; nuli tetepa manggon ana ing
kono nganti sasedane Imam Agung kang wus
kajebadan kalawan lenga suci. 26 Nanging
saupama kelakon kang gawe pati mau metu
saka watese kutha pangungsen kang wus
diungseni iku, 27 mangka kapethuk karo
kang wenang males ana ing sajabane watese
kutha pangungsen, manawa kang gawe
pati iku nuli dipateni dening kang wenang
males, kang mateni iku ora utang getih;
28 amarga kang gawe pati iku wajib tetep
manggon ana ing kuthane pangungsen nganti
sasedane Imam Agung; nanging sasedane
Imam Agung, kang gawe pati iku kena mulih
menyang ing tanah darbeke dhewe. 29 Iku mau
kabeh dadia wewatoning pranatan tumrap

ing sira turun-tumurun, ana ing ngendi bae
pamanggonira.
[30] Sing sapa mateni wong, kang gawe pati
iku dipatenana miturut katrangane para
saksi, nanging manawa saksine mung siji,
iku paseksene ora cukup tumrap prakara
paukuman pati. [31] Tumrap wong kang gawe
pati, lan kang kabener kaukum pati, iku sira
aja nampani dhuwit panebusing nyawane,
poma iku kapatenana. [32] Sarta maneh sira
iya aja nampani panebus kanggo wong kang
wus ngungsi menyang kutha pangungsen,
pamrihe supaya kelilana mulih menyang
tanahe dhewe sadurunge sedane Imam
Agung. [33] Dadi sira aja gawe camahing
tanah kang sira enggoni, awitdene getih iku
kang gawe camahing nagara, sarta ora bisa
dianakake pirukun kanggo nagara marga saka
getih kang kawutahake ana ing wewengkone,
kajaba mung srana getihe wong kang wus
ngwutahake. [34] Kang iku sira aja nganti padha
gawe najise tanah kang sira enggoni, iya kang
Sundalemi ing tengahe; awitdene Ingsun,
Yehuwah, dedalem ana ing satengahe wong
Israel."

Bab bocah wadon kang duwe warisan lemah samangsa omah-omah

36:1-13

36 [1] Ing sawijining dina para pemimpining
golongane turune bani Gilead bin
Makhir bin Manasye, klebu turune Sang Yusuf,

padha sowan marang ngarsane Nabi Musa lan
para pangarepe wong Israel, 2 sarta padha
duwe atur mangkene: “Pangeran Yehuwah
sampun dhawuh dhateng panjenengan,
supados maringana panduman siti minangka
tanah-pusaka dhateng tiyang Israel srana
kaundhi; sarta malih dhawuhipun Sang
Yehuwah dhateng panjenengan, supados
siti gadhahanipun sadherek kula Zelafehad,
kaparingna dhateng anakipun estri. 3 Nanging
saupami punika sami emah-emah angsal
lare jaler saking taler Israel sanesipun,
siti darbekipun wau badhe ical saking
pandumanipun taler kula, kawewahaken
dhateng pandumanipun taler ingkang dipun
tumuti; temah siti-pusaka ingkang dados
panduman kula sarana kaundhi badhe kalong.
4 Punapa malih benjing samangsa taun Yobel
karameanipun tiyang Israel, gadhahanipun
tiyang estri punika badhe tetep kawewahaken
dhateng taler ingkang dipun tumuti wau,
sarta pandumaning taleripun para leluhur kula
inggih badhe tetep kalong.”
5 Ing kono Nabi Musa tumuli dhawuh marang
wong Israel miturut pangandikane Sang
Yehuwah, mangkene: “Bener ature taler
bani Yusuf iki. 6 Iki kang dadi dhawuhe
Pangeran Yehuwah ing ngatase para anake
wadon Zelafehad, mangkene surasane:
Kareben padha omah-omah karo sapa bae
kang seneng, anggere padha oleh sisihan
panunggalane talere bapakne; 7 aja nganti
ana panduman darbeke wong Israel ngalih

saka ing taler siji marang taler sijine. Wong
Israel iku siji-sijine padha ngukuhana kang
dadi pandumane talere leluhure. 8 Kang iku
saben anak wadon panunggalane sadhengah
talere wong Israel kang tampa warisan
lemah pusaka, kudu omah-omah karo wong
panunggalane talere bapakne, supaya saben
wong Israel tetepa ndarbeni kang dadi
pandumane para leluhure. 9 Sabab panduman
lemah iku ora kena ngalih saka ing taler siji
marang taler sijine; nanging siji-sijining talere
wong Israel iku ngukuhana marang lemah
pandumane dhewe."

10 Anadene anak-anake wadon Zelafehad iku
padha ngestokake apa sadhawuhe Pangeran
Yehuwah marang Nabi Musa mau; 11 Makhla,
Tirza, Hogla, Milka lan Noa anak-anake wadon
Zelafehad, padha omah-omah karo nakdulure
saka bapakne, 12 padha dadi somahe wong
lanang panunggalane turune Rama Manasye
putrane Sang Yusuf, temahan lemah pusakane
tetep ana ing pamengkune talering leluhure.

13 Iku mau wewaton lan pranatan kang
kadhawuhake dening Pangeran Yehuwah
marang wong Israel lantaran Nabi Musa ana
ing tanah ngare ing Moab, ing sabrange
bengawan Yarden ing sacedhake Yerikho.

PANGANDHARING TORET

Nabi Musa nggelarake lelakone wong Israel ana ing gunung Horeb

1:1-8

1 [1] Iki pangandikane kang didhawuhake
dening Nabi Musa marang wong Israel
kabeh ana ing sabrange bengawan Yarden,
ing pasamunan, ing tanah rata Araba-Yordan,
penere Suf, ing antarane Paran karo Tofel,
Laban, Hazerot lan Di-Zahab. [2] Saka ing
gunung Horeb metu pagunungan Seir tekan
Kadesy-Barnea iku lakon sawelas dina. [3] Nalika
taun kang kaping patang puluh sasi sawelas
tanggal sapisan Nabi Musa ngandikani wong
Israel miturut dhawuh timbalane Pangeran
Yehuwah tumrap wong Israel; [4] sawuse
nggecak marang Prabu Sihon, ratune bangsa
Amori, kang akedhaton ana ing Hesybon,
lan marang Prabu Og, ratu ing Basan, kang
akedhaton ana ing Asytarot, ing sacedhake
Edrei. [5] Ana ing sabrange bengawan Yarden
ing tanah Moab, Nabi Musa wiwit nggelarake
angger-anggering Toret iki, pangandikane:
[6] "Pangeran Yehuwah, Gusti Allah kita
ndhawuhi kita ana ing gunung Horeb,
sabdane: Wus cukup anggonira padha nginep
ana ing gunung kene; [7] padha mbacutna laku,

budhala lan paranana pagunungane wong
Amori lan sakehe tanggane ing Araba-Yordan,
ing pagunungan, ing Dhaerah Pagunungan, ing
Tanah Negeb lan ing pasisir, yaiku nagarane
wong Kanaan lan ing gunung Libanon nganti
tekan ing bengawan gedhe Efrat. 8 Wruhanira,
nagara iku wus Sunulungake marang sira;
padha lumebua, manggona ing tanah kang
wus diprasetyakake dening Sang Yehuwah
kalawan supaos marang leluhurira Abraham,
Iskak lan Yakub, yen bakal kaparingake
marang dheweke kabeh lan turun-turune."

Riwayat jumenenge para hakim

1:9-18

9 "Nalika samana aku pitutur marang kowe
mangkene: Manawa ijen aku ora kuwat
nyangga tanggung-jawab marang kowe.
10 Pangeran Yehuwah, Gusti Allahe para
leluhurmu wus ndadekake kowe padha
bebranahan, ing dina iki cacahmu wus kaya
lintang ing langit. 11 Pangeran Yehuwah,
Gusti Allahe para leluhurmu muga-muga
ngundhakana cacahmu nganti tikel sewu,
lan kowe muga padha diberkahana, kaya
kang wus dadi prasetyane marang kowe.
12 Nanging manawa ijen aku mangsa kelara
mikul tanggung-jawab bab kasusahanmu, bab
karepotanmu lan prakaramu. 13 Kowe padha
miliha wong kang wicaksana lan limpad ing
budi apadene kang akeh pangalamane saka
siji-sijine talermu, bakal daktetepake dadi

pemimpinmu. [14] Ing kono atur wangsulanmu:
Prakawis ingkang panjenengan karsakaken
punika pancen prayogi dipun lampahi. [15] Aku
banjur milih pemimpin saka antaraning
talermu, yaiku: wong-wong kang wicaksana
lan sugih pangalaman, padha dakangkat
dadi pemimpinmu, yaiku ana kang dadi
panggedhening wadya-bala sewu, satus,
seket sarta dadi panggedhening wadya-bala
sapuluh tuwin dadi panggedhe kang nata
wadya-bala kanggo taler-talermu. [16] Lan ing
waktu samana aku banjur prentah marang
para hakimmu, mangkane: Padha nggatekna
marang prakarane para sadulurmu, lan padha
gawea putusan kang adil, dadia ing antarane
sawijining wong karo sadulure, utawa karo
bangsa liya kang ana ing satengahmu. [17] Ing
sajrone ngadili kowe aja mawang wong,
wonga cilik, wonga gedhe, padha rungokna
kang dadi prakarane. Aja wedi marang sapa
bae, awitdene pangadilan iku kagungane
Gusti Allah; dene manawa ana prakara kang
kangelan tumrap kowe, iku ladekna marang
aku, supaya aku krungu. [18] Kaya mangkono
anggonku mrentahi kowe nalika samana, bab
sabarang prakara kang kudu padha koklakoni.”

Citra bab telik rolas

1:19-33

[19] “Sawuse mangkono kita banjur padha
budhal saka ing gunung Horeb, lan padha
ngliwati sawratane pasamunan kang jembar

lan nggegirisi kang wus padha kokdeleng iku,
njujug ing pagunungane bangsa Amori, kaya
kang wus dadi dhawuhe Sang Yehuwah, Gusti
Allah kita marang kita; banjur padha tekan ing
Kadesy-Barnea. 20 Nalika iku aku banjur tutur
marang kowe: Saiki kowe wus padha tekan ing
pagunungane bangsa Amori, kang diparingake
dening Pangeran Yehuwah, Gusti Allah kita,
marang kita. 21 Wruhanamu, Sang Yehuwah,
Gusti Allahmu, wus ngulungake nagara iku
marang kowe; padha lurugana lan ejegana,
kaya kang wus dadi dhawuhe Pangeran
Yehuwah, Gusti Allahe para leluhurmu. Aja
padha wedi lan aja giris.

22 Kowe kabeh tumuli padha nyedhaki
aku sarta duwe atur mangkene: Sumangga
kula aturi nglampahaken tiyang sawatawis
ngrumiyini lampah kita, supados sami
niti-priksa kawontenanipun nagari punika,
sarta sami mbektaa katrangan dhateng kita,
bab margi-margi ingkang badhe sami kita
langkungi, saha kawontenanipun kitha-kitha
ingkang badhe kula dhatengi.

23 Prakara iku dakrasa becik; dadi aku tumuli
milih wong rolas panunggalanmu, saka saben
taler wong siji. 24 Iku banjur padha mangkat
munggah menyang pagunungan, nganti tekan
ing lebak Eskol, sarta padha niti-priksa nagara
iku. 25 Apadene padha njupuk woh-wohan
sawatara pametune nagara iku, digawa
mudhun lan diladekake marang kita. Sarta
padha ngaturi katrangan mangkene: Saestu,
nagari ingkang badhe dipun paringaken

dening Pangeran Yehuwah, Gusti Allah kita,
dhateng kita punika sae. [26] Ewadene kowe
padha ora wani nglurug mrana, sarta padha
mbangkang marang dhawuhe Sang Yehuwah,
Gusti Allahmu. [27] Kowe padha pating kedumel
ana ing tarubmu, pangucapmu; Pangeran
Yehuwah anggone ngirid metu saka ing tanah
Mesir iku marga aku padha disengiti, arep
diulungake marang tangane bangsa Amori,
supaya padha ditumpes. [28] Kita banjur arep
menyang ing ngendi? Sadulur-sadulurku wus
padha gawe remuking atiku srana ngucap
mangkene: Bangsa ing kono iku cacahe
akeh, dedege ngungkuli aku, kutha-kuthane
gedhe-gedhe lan balowartine sundhul ing
langit, karodene aku iya padha ndeleng
wong bani Enak ana ing kono. [29] Aku banjur
mituturi kowe: Aja padha giris, lan aja wedi
karo wong-wong iku. [30] Pangeran Yehuwah,
Gusti Allahmu kang ngirid lakumu iku, kang
bakal nyarirani perangmu, patrape kaya kang
wus ditandukake marang kowe nalika ana
ing tanah Mesir lan iku iya padha koksipati,
[31] apadene ana ing pasamunan; ana ing kono
kowe wus ngalami jinangkung dening Sang
Yehuwah, Gusti Allahmu, patrape kaya wong
mbopong anake, ana ing sauruting dalan kang
wus padha kokambah nganti kowe tekan ing
kene. [32] Nanging sanadyan kaya mangkono,
ewadene kowe meksa padha ora ngandel
marang Pangeran Yehuwah, Gusti Allahmu,
[33] kang tansah ngirid lakumu ana ing dalan,
milihake panggonan kang kena kokinepi, ing

wayah bengi srana geni, lan ing wayah awan srana mega, kanggo nedahake marang kowe dalan kang kudu kokliwati.”

Riwayat paukuman tumrap Israel

1:34-40

34 “Bareng Sang Yehuwah midhanget kang dadi panggrundelmu, banget dukane
sarta supaos, dhawuhe: 35 Bangsa kang ala
iki, mesthi ora ana wonge siji-sijia kang bakal ndeleng nagara kang becik kang wus Sunprasetyakake kalawan supaos yen bakal Sunparingake marang para leluhurira,
36 kajaba mung Kaleb bin Yefune kang bakal ndeleng, lan iku saanak-putune kang bakal Sunparingi nagara kang wus diidak iku, marga wus ngantepi pambangun-turute marang Pangeran Yehuwah.
37 Aku dhewe iya didukani dening Sang Yehuwah marga saka kowe, lan dingandikani: Sira iya mesthi ora bakal lumebu ing kono.
38 Yusak bin Nun, pembantunira iku kang bakal lumebu mrono, iku sira santosakna; awitdene iku kang bakal ngirid lakune wong Israel
nganti bisa ndarbeni tanah iku. 39 Anadene
anak-anakira kang isih cilik kang padha sira arani yen bakal dadi bandhangan lan anak-anakira kang saiki iki,kang durung bisa mbedakake ala lan becik, iya iku kang bakal padha lumebu mrono, lan kang bakal
Sunparingi lan ndarbeni nagara iku. 40 Nanging
sira iku padha balia, budhala menyang

pasamunan, metua dalan kang anjog ing sagara Teberau."

Riwayat bab gagale anggone nempuh perang wilayah kidul

1:41-46

41 "Ing kono kowe banjur padha mangsuli lan kandha marang aku mangkene: Kula sampun sami damel dosa dhateng Pangeran Yehuwah. Sumangga, kula sami sagah mangsah perang miturut sadaya dhawuhipun Sang Yehuwah, Gusti Allah kita dhateng kula sadaya. Sawuse mangkono, saben wong banjur padha manganggo praboting perang, awit pangiramu kalawan gampang bisa mangsah menyang
ing pagunungan. 42 Nanging Sang Yehuwah tumuli ngandika marang aku: Aja padha nglurug lan aja perang, awitdene Ingsun ora ana ing tengahira, awit sira bakal padha
kasoran ana ing ngarepe mungsuhira. 43 Kowe
banjur daktuturi, nanging kowe padha ora ngrewes marang pituturku, malah mbangkang marang dhawuhe Pangeran Yehuwah; kowe padha kaduk wani lan banjur menyang ing pagunungan.
44 Tumuli kowe padha dipethukake lan ditempuh dening bangsa Amori kang padha manggon ing pagunungan kono, sarta iku padha mburu kowe kaya tawon, ngalahake kowe saka ing Seir nganti tutug ing Horma.
45 Sabalimu kowe banjur padha nangis ana ing ngarsane Pangeran Yehuwah, nanging

Sang Yehuwah ora mirengake panangismu
sarta ora midhangetake swaramu kaya
mangkono. [46] Dadine kowe banjur padha
kepeksa manggon ana ing Kadesy nganti
kapara lawas, yaiku sapira lawase anggonmu
manggon ana ing kono."

Lakune wong Israel ana ing ara-ara samun

2:1-25

2 [1] "Sawuse mangkono kita padha budhal
bali menyang pasamunan, metu ing dalan
kang anjog ing sagara Teberau, kaya kang wus
kadhawuhake Pangeran Yehuwah marang aku;
karodene nganti kapara lawas anggon kita
ngubengi pagunungan Seir. [2] Sang Yehuwah
banjur ngandika marang aku mangkene:
[3] Wus cukup suwe anggonira padha lumaku
ngubengi pagunungan iki, samengko sira
menggoka mangalor; [4] sarta para umat
dhawuhana mangkene: Sadhela engkas sira
padha lumaku ngliwati tlatahe sadulurira, bani
Esap, kang padha manggon ing pagunungan
Seir, iku bakal padha wedi marang sira,
nanging sira padha dingati-ati kang banget;
[5] aja nempuh bangsa iku, awitdene sira ora
bakal Sunparingi tanahe sathithik-thithika;
marga Esap iku wus Sunparingi pagunungan
Seir dadi darbeke. [6] Bab pangan sira padha
tukua saka kono srana dhuwit, supaya sira
padha mangan; lan sira iya tukua banyu
saka ing kono srana dhuwit, supaya sira
padha ngombe. [7] Marga Pangeran Yehuwah,

Gusti Allahmu, mberkahi kowe ing sabarang
gegaweaning tanganmu. Panjenengane wus
ngayomi panglembaramu ana ing pasamunan
kang jembar ngilak-ilak iku. Salawase patang
puluh taun iki Sang Yehuwah, Gusti Allahmu
tansah nunggil karo kowe, temah kowe ora
nganti padha kekurangan apa-apa. 8 Sawuse
iku kita mbacutake laku, ngliwati tlatahe
sadulur kita Esap, kang padha manggon
ana ing pagunungan Seir, metu dalan saka
Araba-Yordan, yaiku saka ing Elat lan ing
Ezion-Geber.

Sawuse iku kita padha menggok ing dalan
kang anjog ing pasamunane tanah Moab.
9 Pangeran Yehuwah tumuli ngandika marang
aku: Sira aja nglawan marang Moab lan aja
nempuh bangsa iku, awitdene sira bakal ora
Sunparingi apa-apa saka ing nagarane kang
banjur dadi darbekira, marga tanah Ar iku
wus Sunparingake marang bani Lut dadi
darbeke. 10 Maune tanah iku dienggoni dening
bangsa Emim, iku bangsa kang gedhe lan
akeh cacah-jiwane, sarta dedege dhuwur kaya
bangsa Enak; 11 bangsa iku dikira bangsa
Refaim kaya bangsa Enak mau, nanging wong
Moab ngarani bangsa Emim. 12 Dhek biyen
pagunungan Seir iku dienggoni dening bangsa
Hori, nanging bani Esap wus ngejegi wilayahe,
sarta bangsa iku ditumpes lan kasirnakake,
bani Esap iku banjur padha ngenggoni tilas
panggonane nggenteni wong-wong iku,
padha kaya kang wus ditandukake dening
wong Israel tumrap tanah-pusakane kang

kaparingake dening Sang Yehuwah. 13 Mulane
saiki sira padha mangkata, nyabranga ing kali
Zered. Tumuli kita iya padha nyabrang ing
kali Zered. 14 Anadene lawase anggon kita
padha nglembara saka ing Kadesy-Barnea
nganti tekan ing sabrange kali Zered mau,
telung puluh wolu taun, nganti sagolonganing
para prajurit iku wus padha sirna kabeh saka
ing pakemahan, kaya anggone wus padha
kadhawuhake dening Pangeran Yehuwah
kalawan supaos; 15 sarta astane Sang
Yehuwah uga nglawan wong-wong mau, padha
ditumpes lan kasirnakake saka ing pakemahan
nganti entek kabeh.
16 Bareng bangsa iku para prajurite wus
padha entek mati kabeh, 17 Pangeran Yehuwah
banjur ngandika marang aku mangkene: 18 Ing
dina iki lakunira bakal ngliwati tapel-watese
tanah Moab, yaiku Ing Ar; 19 sarta nyedhaki
tlatahe wong bani Amon. Sira aja nglawan
lan aja nempuh bangsa iku, awitdene sira
bakal ora Sunparingi apa-apa saka nagarane
bani Amon dadi darbekira, marga iku wus
Sunparingake marang turune Lut dadi
darbeke. 20 Tanah iku iya dikira nagarane
bangsa Refaim; pancen maune bangsa Refaim
kang ngenggoni, nanging wong Amon padha
ngarani bangsa Zamzumim; 21 iku bangsa
kang gedhe lan akeh cacahe, dedege kayadene
bangsa Enak, nanging Pangeran Yehuwah
kang ndadekake tumpese bangsa mau ana
ing ngarepe bangsa Amon, temah bangsa
iki banjur padha ngendhih tanahe sarta

nggenteni manggon ana ing kono; [22] kaya
kang wus ditindakake dening Sang Yehuwah
tumrap bani Esap kang padha manggon ana
ing pagunungan Seir, nalika Panjenengane
numpes bangsa Hori, temah padha ngendhih
tanahe sarta tumuli nggenteni manggon ana
ing kono nganti saprene. [23] Uga wong Awi,
kang padha manggon ing desa-desa nganti
tekan ing Gaza, iku padha dibengkas dening
wong Kaftor, kang pinangkane saka ing Kaftor;
wong Kaftor iku nuli padha manggon ana ing
kono nggenteni bangsa mau. [24] Mara, sira
budhala, nyabranga ing kali Arnon. Wruhanira,
Ingsun ngulungake Sihon, ratu ing Hesybon,
wong Amori iku, dalah nagarane marang ing
tanganira; sira miwitana ngejegi nagarane
lan nempuha perang marang Sihon. [25] Ing
dina iki Ingsun miwiti ndadekake para bangsa
ing sangisore langit padha kataman miris lan
wedi marang sira, temah samangsa krungu
wartanira bakal padha gumeter lan ngoplok
marga saka sira."

Perang karo Prabu Sihon ratu ing Hesybon

2:26-37

[26] "Aku tumuli nglakokake kongkonan
saka ing pasamunan Kedemot menyang
ing ngarsane Prabu Sihon, ratu ing
Hesybon, kalawan tetembungan kang murih
bedhami, surasane: [27] Kawula mugi kalilana
medal nglangkungi nagari dalem. Lampah
kawula namung badhe nurut margi ageng

kemawon, boten mawi nyimpang mangiwa
utawi manengen; 28 prakawis tedha mugi
panjenengan dalem karsaa sade dhateng
kawula, badhe kawula bayar mawi arta
supados kawula sageda nedha, saha menggah
prakawis toya kawula mugi panjenengan
dalem paringi, badhe kawula lintoni arta,
supados kawula sageda ngombe; namung
kemawon kawula kalilana langkung kaliyan
lumampah dharat; 29 inggih kados anggen
kawula dipun lilani dening bani Esap ingkang
manggen wonten ing pareden Seir lan dening
bangsa Moab ingkang manggen wonten
ing Ar, ngantos kawula sami nyabrang ing
lepen Yarden, lumebet dhateng ing nagari
ingkang dipun paringaken dening Pangeran
Yehuwah, Gusti Allah kawula dhateng kawula.
30 Nanging Prabu Sihon, ratu ing Hesybon,
iku ora nglilani kita padha ngliwati tanahe,
marga diwangkotake budine lan dipuguhake
panggalihe dening Pangeran Yehuwah, Gusti
Allahmu, awit karsane arep ngulungake nagara
iku marang tanganmu, kaya kang kelakon ing
saiki iki.

31 Yehuwah banjur ngandika marang aku:
Wruhanira, Ingsun wus miwiti ngulungake
Sihon dalah tanahe marang sira, kang iku
sira miwitana ngenggoni tanahe supaya dadia
darbekira.

32 Sawuse mangkono Prabu Sihon sabalane
kabeh banjur methukake kita, perang karo
kita ana ing sacedhake Yahas, 33 nanging
Pangeran Yehuwah, Gusti Allah kita masrahake

Sang Nata marang kita, temahan banjur kita kalahake dalah para putrane lan sabalane kabeh. 34 Ing nalika iku kita ngrebut sakehe kuthane sarta wong isine saben kutha padha kita tumpes, iya wong lanang, iya wong wadon dalah bocah-bocah, ora ana wonge siji-sijia kang kita karekake; 35 mung raja-kayane bae kita jupuk kanggo kita, kaya dene jarahan saka ing kutha-kutha kang wus padha kita rebut mau. 36 Wiwit saka ing Aroer, kang kaprenah ana ing sapinggire kali Arnon, lan kutha kang ana ing lebak saurute kali, nganti tekan ing tanah Gilead, ora ana kutha siji-sijia kang ora karayud marga saka santosane, awit kabeh diulungake dening Sang Yehuwah, Gusti Allah kita, marang kita. 37 Mung nagarane bani Amon iku ora kokcedhaki, dadia tanah ing saurute kali Yabok, dadia kutha-kutha ing pagunungan, cocog karo wewaler kang kadhawuhake dening Pangeran Yehuwah marang kita.”

Perang karo Prabu Og ratu ing Basan

3:1-11

3 1 “Kita banjur menggok lan lumaku ngener marang tanah Basan; Prabu Og, ratu ing Basan, nuli methukake kita lan perang nglawan kita dalah wadya balane kabeh ana ing Edrei. 2 Nanging Sang Yehuwah ngandika marang aku: Sira aja wedi karo wong iku, marga iku bakal Sunulungake marang tanganira, dalah wadya-balane kabeh

apadene nagarane, sira tandukana kaya
anggonira wus ngetrapi marang Sihon, ratune
bangsa Amori kang manggon ing Hesybon.
3 Anadene Sang Yehuwah, Gusti Allah kita,
tumuli iya ngulungake Prabu Og, ratu ing
Basan marang tangan kita dalah sabalane
kabeh, temahan padha kita sorake, nganti
wonge ora ana siji-sijia kang bisa oncat. 4 Ing
nalika iku sakehe kutha-kuthane banjur kita
rebut, ora ana siji-sijia kang kari, cacahe
kutha sawidak; satlatahe tanah Argob kabeh,
karajane Prabu Og ing Basan. 5 Kutha iku
kabeh santosa mawa balowarti dhuwur, lan
gapurane nganggo slarak, kajaba iku isih ana
kutha pirang-pirang kang tanpa balowarti.
6 Kabeh kang manggon tumuli padha kita
bengkas, kaya kang wus kita tandukake
marang Prabu Sihon, ratu ing Hesybon;
wong isine saben kutha padha kita tumpes
kabeh, iya wong lanang iya wong wadon dalah
bocah-bocahe; 7 nanging raja-kayane kabeh
lan jarahan saka kutha-kutha mau padha kita
rampas kanggo kita dhewe.
8 Kaya mangkono dadine ing waktu iku
kita padha ngrebut nagara ing sabrange kali
Yarden saka pamengkuning ratune bangsa
Amori loro iku, wiwit saka kali Arnon nganti
tumeka ing gunung Hermon; 9 -- Hermon
iku dening wong Sidon diarani Siryon, dene
bangsa Amori ngarani Senir --, 10 sakehe kutha
ing tanah warata kang dhuwur, tlatahe Gilead
sarta satanah Basan kabeh, tekan ing Salkha
lan Edrei, kutha-kuthaning karajane Prabu Og

ing Basan. [11] Mung Prabu Og, ratu ing Basan,
iku kang isih sugeng saka ing antaraning
kekarene wong Refaim; anadene pasareane
iku pasarean wesi; iku rak isih ana ing Raba
ing wewengkone bani Amon! Dawane sangang
asta, lan ambane patang asta, miturut ukuran
asta umum.”

Tanah ing sawetane kali Yarden kaedum

3:12-22

[12] “Anadene nagara iku nalika samana wus
padha kita ejegi, wiwit saka Aroer kang ana
ing pinggire kali Arnon, nganti tekan saparone
pagunungan Gilead dalasan kutha-kuthane,
iku banjur dakwenehake marang bani Ruben
lan bani Gad; [13] Kekarene tanah Gilead lan
satanah Basan kabeh, tilas karajane Prabu
Og, yaiku tlatahe tanah Argob kabeh, iku
dakwenehake marang saparone taler Manasye.
-- Tanah Basan iku kabeh diarani nagarane
wong Refaim --. [14] Yair anake Manasye oleh
panduman satlatahe tanah Argob kabeh
nganti tekan ing tlatahe wong Gesur lan
wong Maakha, dene tanah Basan iku banjur
diarani Hawot-Yair, miturut jenenge dhewe,
nganti saprene. [15] Makhir iku dakwenehi tanah
Gilead. [16] Bani Ruben lan bani Gad padha
dakwenehi saperangane tanah Gilead tutug
ing kali Arnon, yaiku saparone kali iku dalah
pinggire, lan ing sisih kana nganti tutug ing
kali Yabok, tapel watese tanahe bani Amon;
[17] sabanjure Araba-Yordan lan bengawan

Yarden dalah pinggire, wiwit saka ing Kineret
nganti tekan ing sagara Araba, yaiku Sagara
Asin, ing sangisore perenge gunung Pisga
mangetan.
18 Ing nalika iku kowe padha dakprentahi
mangkene: Pangeran Yehuwah, Gusti Allahmu
wus maringake nagara iki marang kowe dadi
duwekmu, nanging sapira panunggalanmu
kang gagah prakosa, padha nyabranga
kalawan sikep gegaman ana ing ngarepe
para sadulurmu, wong Israel; 19 mung somah
lan anak-anakmu kang isih bocah sarta
raja-kayamu, -- aku sumurup yen raja-
kayamu akeh --, iku padha tinggalen ana ing
kutha-kutha kang wus dakwenehake marang
kowe; 20 nganti tumeka Sang Yehuwah wus
paring katentreman marang para sadulurmu
mau padha kaya kowe, dadi iya wus padha
ndarbeni tanah kang bakal diparingake dening
Pangeran Yehuwah, Gusti Allahmu marang
para sadulurmu mau ana ing sabrange
bengawan Yarden. Sawuse mangkono kowe
padha muliha menyang ing tanah-pusakamu
dhewe-dhewe kang wus dakwenehake marang
kowe.
21 Lan ing nalika iku Yusak dakprentahi
mangkene: Mripatmu dhewe wus ndeleng
sabarang kang wus ditandukake dening
Pangeran Yehuwah, Gusti Allahmu marang
ratu loro iku; kaya mangkono uga Sang
Yehuwah iya bakal nandukake marang sakehe
karajan kang bakal koklurugi. 22 Mulane aja

wedi, marga Sang Yehuwah, Gusti Allahmu
kang nyarirani perangmu.”

Nabi Musa ora klilan lumebet ing tanah Kanaan

3:23-29

23 “Ing waktu samana aku iya nyuwun
sih-piwelas marang Sang Yehuwah, unjukku:
24 Dhuh Pangeran Allah, Paduka sampun miwiti
ngatingalaken kaluhuran Paduka saha asta
Paduka ingkang kuwaos dhateng abdi Paduka,
awitdene ing swarga miwah ing bumi, punapa
wonten allah malih ingkang saged nindakaken
pandamel ingkang prakosa kados Paduka.
25 Mugi kawula kelilana nyabrang ningali
nagari ingkang sae wonten ing sabrangipun
benawi Yarden, inggih tanah pareden ingkang
sae punika, saha pareden Libanon. 26 Nanging
Pangeran Yehuwah duka marang aku marga
saka kowe, lan ora nyembadani panyuwunku,
malah aku dipangandikani dening Sang
Yehuwah: Wis cukup, sira aja munjuk maneh
marang Ingsun bab prakara iku. 27 Sira
munggaha menyang pucake gunung Pisga,
nuli ndelenga mangulon, mangalor, mangidul
sarta mangetan lan delengen kang temenan,
marga sira bakal ora nyabrang ing bengawan
Yarden iki. 28 Lan sira prentaha marang Yusak;
sira bombonga lan sira santosakna atine,
marga iku kang bakal nyabrang ngirid lakune
bangsa iki, iya dheweke iku kang bakal nuntun
nganti padha ndarbeni nagara kang bakal sira

deleng iku. 29 Kaya mangkono dadi kita padha
mandheg ana ing lebak penere Bet-Peor.”

Nabi Musa mituturi wong Israel supaya padha netepi angger-anggere Gusti Allah

4:1-40

4 1 “Mulane saiki, he wong Israel, padha
ngrungokna katetepan lan pranatan kang
dakwarahake marang kowe supaya padha
koklakoni, temah kowe lestari urip sarta padha
lumebu lan ngejegi nagara peparinge Pangeran
Yehuwah, Gusti Allahe para leluhurmu, marang
kowe.
2 Pitutur kang dakprentahake marang
kowe iki aja padha kokwuwuhi lan iya aja
kokkurangi, supaya kowe padha nggatekna
pepakene Sang Yehuwah, Gusti Allahmu kang
dakprentahake marang kowe.
3 Mripatmu dhewe wus padha ndeleng apa
kang ditandukake dening Sang Yehuwah
tumrap Baal-Peor; awitdene saben wong kang
manut marang Baal-Peor iku wus ditumpes
kasirnakake saka ing tengahmu dening
Pangeran Yehuwah, Gusti Allahmu; 4 nanging
kowe kang padha rumaket marang Sang
Yehuwah, Gusti Allahmu, isih padha lestari urip
nganti tekan ing dina iki. 5 Elinga, kowe wus
padha dakwarah bab katetepan lan pranatan
kaya kang wus didhawuhake dening Pangeran
Yehuwah, Gusti Allahku, marang aku, supaya
padha nglakoni ana ing nagara kang kokparani
lan kang bakal kokejegi. 6 Mulane iku padha

lakonana kalawan setya, awitdene iku kang
bakal dadi kawicaksananmu lan kaluwihaning
budimu ana ing ngarepe para bangsa, kang
samangsa krungu sakehe katetepan iku, bakal
celathu: Bangsa gelengan gedhe iki pancen
bangsa kang wicaksana lan limpad ing budi.
[7] Awit ngendi ana bangsa gedhe kang allahe
cedhak kaya Pangeran Yehuwah, Gusti Allah
kita samangsa kita sambati. [8] Lan ngendi
ana bangsa gedhe kang duwe katetepan lan
pranatan kang adile kaya angger-angger iku
kabeh kang dakgelarake ana ing ngarepmu ing
dina iki? [9] Nanging diprayitna lan dingati-ati,
supaya kowe aja nganti lali marang lelakon
kang wus padha koksipati kalawan mripatmu
dhewe, lan aja nganti ilang saka ing atimu
sajegmu urip; malah iku kabeh padha critakna
marang anak-putumu. [10] Yaiku ing nalikane
kowe padha ngadeg ana ing ngarsane
Pangeran Yehuwah, Gusti Allahmu ana ing
gunung Horeb, nalika Sang Yehuwah ngandika
marang aku: Wong-wong padha klumpukna
ana ing ngarsaningSun, supaya padha
ngrungokake sakehe pangandikaningSun,
temah padha wedi-asih marang Ingsun sajege
urip ana ing bumi lan padha mulangake iku
marang anak-anake. [11] Ing kono kowe banjur
padha nyedhak sarta ngadeg ana ing ngisore
sikile gunung, mangka gununge murub lan
genine nganti sundhul ing langit ing sajroning
peteng ndhedhet. [12] Pangeran Yehuwah tumuli
mangandikani kowe saka ing satengahe geni,
kowe padha krungu swaraning pangandika,

nanging ora ndeleng rerupan, mung swara.
[13] Kowe padha diparingi sumurup prasetyane,
kang kadhawuhake supaya koklakoni, yaiku
Pangandika Sapuluh kang tumuli kaserat ing
papan watu loro. [14] Sarta ing nalika iku aku iya
didhawuhi dening Sang Yehuwah mulangake
katetepan lan pranatan, supaya iku padha
koklakoni ana ing tanah kang bakal kokparani
lan bakal kokejegi. [15] Mulane dingati-ati, --
marga kowe ora ndeleng rerupan apa-apa ing
kalane Sang Yehuwah mangandikani kowe ana
ing gunung Horeb saka ing satengahe geni
--, [16] supaya kowe aja padha nindakake piala
srana gawe rerupan awujud reca ngemperi
brahala apa bae, rerekane wong lanang utawa
wong wadon; [17] rerekan kang awujud kewan
kang ana ing bumi, utawa awujud manuk
mawa swiwi kang mabur ing awang-awang,
[18] utawa kewan rumangkang nlosor utawa
gumremet ana ing bumi, utawa iwak kang ana
ing banyu sangisore bumi; [19] lan supaya kowe
aja nganti tumenga marang langit, satemah
manawa kowe ndeleng srengenge, rembulan
lan lintang-lintang lan sakehe wadya-bala ing
langit, kowe banjur disasarake kelu sujud
lan ngabekti marang iku kabeh; kang lugune
malah diparingake dening Sang Yehuwah,
Gusti Allahmu, marang sarupane para
bangsa ing sangisore langit dadi pandumane.
[20] Mangka kowe iku padha dipilih dening
Pangeran Yehuwah kaentasake saka ing
perapen paleburan wesi, saka ing tanah Mesir,

supaya dadia umat kagungane piyambak, kaya
kang kelakon ing dina iki.
21 Nanging Pangeran Yehuwah banjur duka
marang aku marga saka kowe, lan supaos,
yen aku ora bakal nyabrang ing bengawan
Yarden lan ora lumebu ing tanah kang becik
kang bakal diparingake dening Sang Yehuwah,
Gusti Allahmu, marang kowe minangka
tanah-pusakamu. 22 Awit aku bakal mati
ana ing nagara kene, bakal ora nyabrang
ing bengawan Yarden; nanging kowe kang
bakal padha nyabrang lan ngejegi nagara
kang becik iku. 23 Dieling, aja nganti lali
marang prasetyane Pangeran Yehuwah, Gusti
Allahmu, kang wus didamel kalawan kowe;
aja nganti kowe gawe reca kang awujud apa
bae, kang dadi wewalere Sang Yehuwah, Gusti
Allahmu, ora kepareng kokgawe. 24 Awitdene
Pangeran Yehuwah, Gusti Allahmu, iku asipat
kaya geni memangsa, Allah kang ambek
butajengan. 25 Besuk samangsa kowe wus
duwe anak-putu lan wus padha tuwa ana ing
nagara kono, mangka kowe banjur tumindak
nistha, padha gawe reca kang awujud apa
bae, sarta nglakoni kang ala ana ing paningale
Sang Yehuwah, Gusti Allahmu, temah kowe
padha nuwuhake gerahe panggalihe, 26 ing
dina iki langit lan bumi dakkon nekseni, yen
kowe mesthi enggal bakal tumpes sirna saka
ing nagara kang padha kokparani kalawan
nyabrang ing bengawan Yarden lan banjur
bakal kokejegi iku; kowe ora bakal padha dawa
umurmu, nanging mesthi bakal padha tumpes.

27 Pangeran Yehuwah bakal ndadekake
kowe pating slebar ana ing antarane para
bangsa, lan cacahmu mung sathithik ana ing
antarane para bangsa, kang dadi tujuane
anggonmu bakal padha kasingkirake dening
Sang Yehuwah. 28 Ana ing kana kowe bakal
padha nyembah allah gaweane manungsa,
arupa kayu lan watu, kang ora bisa ndeleng
utawa krungu, ora bisa mangan utawa
ngambu. 29 Bareng ana ing kana kowe lagi
padha nggoleki Pangeran Yehuwah, Gusti
Allahmu, lan iya bakal ketemu, anggere
anggonmu nggoleki kanthi gumolonging ati
lan gumolonging nyawamu.

30 Samangsa ing tembe kowe karubedan
lan kataman samubarang iku mau, kowe
banjur bakal mbaleni Pangeran Yehuwah,
Gusti Allahu, sarta ngestokake dhawuhe.
31 Awitdene Pangeran Yehuwah, Gusti Allahmu
iku, Allah kang asipat welasan, kowe ora bakal
ditegakake utawa disirnakake; apadene iya
ora bakal kalepyan marang prasetyane kang
didhawuhake kalawan supaos marang para
leluhurmu. 32 Amarga coba takok-takokna,
wiwit ing poncoting langit nganti tekan ing
poncoting langit, bab jaman kang kapungkur
sadurunge kowe ana, wiwit ing dinane Gusti
Allah nitahake manungsa ana ing bumi, apa
tau kelakon bab kang samono gedhene iku,
utawa apa tau kaprungu prakara kang kaya
mangkono iku. 33 Apa tau ana bangsa kang
krungu swarane Gusti Allah ngandika saka
satengahing geni, kaya anggonmu wus krungu

iku, mangka bisa lestari urip. 34 Karomaneh
apa tau ana allah kang rawuh mundhut bangsa
saka satengahe bangsa liya dadi kagungane,
srana nindakake panyoba lan pratandha sarta
kaelokan apadene perang, kalawan asta kang
rosa lan lengen kang kaulukake lan kalawan
pagiris kang ngedab-edabi, kaya kang wus
ditandukake dening Sang Yehuwah, Gusti
Allahmu, kanggo kowe ana ing Mesir kang
padha koksipati? 35 Kowe kang ditedahi iku
mau, supaya mangertia yen Pangeran Yehuwah
piyambak kang jumeneng Allah, ora ana
maneh liyane, kajaba mung Panjenengane.
36 Saka ing langit kowe krungu sabdane
kang mulang kowe, lan ana ing bumi kowe
diparengake ndeleng geni kang gedhe, lan
krungu sakehe sabdane saka ing satengahing
geni. 37 Ing sarehne Panjenengane ngasihi
para leluhurmu lan milih para turune, mulane
Panjenengane piyambak wus ngentasake kowe
saka ing tanah Mesir srana kakiyatan kang
linuwih; 38 sarta nundhungi bangsa-bangsa
kang cacahe lan pangwasane ngungkuli kowe
saka ing ngarepmu, lan kowe diirid lumebu
menyang ing nagarane lan maringake nagara
iku marang kowe dadia tanah-pusakamu,
kaya kang kelakon ing dina iki. 39 Mulane
ing samengko kowe padha ngawruhana lan
nggatekna yen Pangeran Yehuwah piyambak
kang jumeneng Allah ana ing langit dhuwur
lan ana ing bumi ngisor, ora ana liyane
maneh. 40 Kowe padha netepana katetepan lan
pepakene kang dakprentahake marang kowe

ing dina iki, supaya kowe lan anak-putumu ing besuk padha diganjara slamet, sarta dinawakna umurmu ana ing tanah peparinge Pangeran Yehuwah, Gusti Allahmu, marang kowe ing salawas-lawase."

Kutha pangungsen ing sawetane bengawan Yarden

4:41-43

41 Nabi Musa tumuli miyambakake kutha telu
ing sabrange bengawan Yarden kang sisih
wetan, 42 supaya wong kang mateni pepadhane
tanpa kajarag lan iya ora marga disengiti
ing sadurunge, bisa ngungsi mrono, temah
manawa ngungsi menyang ing salah sijine
kutha iku, bisa lestari urip. 43 Kutha-kutha iku
mau yaiku: Bezer ing pasamunan, ing tanah
warata kang dhuwur, kanggo wong Ruben;
Ramot ing Gilead kanggo wong Gad lan Golan
ing tanah Basan kanggo wong Manasye.

Bebukane piwulange Nabi Musa

4:44-49

44 Iki angger-angger Toret kang digelarake
dening Nabi Musa marang wong Israel.
45 Iki pepeling lan katetepan sarta pranatan
kang diparingake dening Nabi Musa marang
wong Israel nalika padha lumaku metu saka
ing tanah Mesir; 46 ing sabrange bengawan
Yarden, ing lebak ing sangarepe Bet-Peor,
ana ing nagarane Prabu Sihon, ratune wong

Amori kang akedhaton ana ing Hesybon,
kang dikalahake dening Nabi Musa lan wong
Israel nalika wus padha metu saka ing tanah
Mesir; 47 tanahe banjur diejegi, mangkono
uga nagarane Prabu Og, ratu ing Basan,
karo-karone ratune wong Amori ing sabrange
bengawan Yarden sisih wetan. 48 Wiwit saka
ing Aroer kang ana ing pinggire kali Arnon
tekan ing gunung Siryon, yaiku gunung
Hermon, 49 dalah ing saindenge tanah warata
ing sabrange bengawan Yarden, ing sisih
wetan nganti tekan ing tlagane sagara Araba,
ing sikile gunung Pisga.

Pangandika Sepuluh

5:1-22

5 1 Nabi Musa banjur nimbali nglumpuk wong
Israel kabeh sarta padha didhawuhi: "He
wong Israel, padha ngrungokna katetepan
lan pranatan kang dakgelarake marang kowe
ing dina iki, supaya padha kokpindeng lan
koklakoni kalawan setya. 2 Pangeran Yehuwah,
Gusti Allah kita, wus damel prasetyan karo kita
ana ing gunung Horeb; 3 ora karo para leluhur
kita anggone Sang Yehuwah damel prasetyan
iku, nanging karo kita, iya kita, kang ana ing
kene ing dina iki, kita kabeh kang isih padha
urip. 4 Pangeran Yehuwah wus ngandikani
kowe kalawan aben-ajeng saka satengahing
geni ana ing gunung, 5 -- nalika iku aku kang
ana ing antarane Sang Yehuwah karo kowe,
prelu nglantarake dhawuh pangandikane Sang

Yehuwah marang kowe, marga kowe padha
wedi marang genine lan kowe ora munggah
ing gunung --, pangandikane mangkene:
6 Ingsun iku Yehuwah, Allahira, kang wus
ngentasake sira saka ing tanah Mesir, saka ing
pangawulan.
7 Sira aja nduweni allah liyane ana ing
ngarsaningSun.
8 Sira aja gawe reca kang awujud apa bae
kang ana ing langit dhuwur utawa ing bumi
ngisor, apadene ing banyu sangisore bumi.
9 Sira aja sujud utawa nyembah marang iku,
awitdene Ingsun, Yehuwah Allahira, iku Allah
kang butajengan, kang males kaluputane para
bapa marang anak-anake lan marang turune
kang katelu lan kaping pat, wong-wong kang
sengit marang Ingsun; 10 nanging Ingsun
nandukake sih-palimirma marang wong
ewon-ewon kang padha tresna marang Ingsun
lan netepi marang pepakenngSun.
11 Sira aja nyebut marang asmane Pangeran
Yehuwah Allahira kalawan sawiyah-wiyah,
awitdene Sang Yehuwah mesthi mastani luput
saben wong kang nyebut asmane kalawan
sawiyah-wiyah.
12 Sira tansah elinga marang dina Sabat, sarta
iku sira sucekna, kaya kang wus didhawuhake
Pangeran Yehuwah, Allahira, marang sira.
13 Nem dina sira nyambuta gawe sarta
nglakonana sapagaweanira kabeh, 14 nanging
dina kapitu iku Sabate Pangeran Yehuwah,
Allahira; mulane sira aja nyambutgawe,
iya sira, iya anakira lanang lan wadon, iya

baturira lanang lan wadon, dalasan sapinira
utawa kuldinira sarta sadhengah kewanira,
utawa bangsa liya kang ana ing sajroning
wewengkonira, supaya baturira lanang lan
wadon iya bisaa ngaso kaya sira. 15 Sabab sira
elinga, yen ing biyen sira iya dadi batur ana ing
tanah Mesir sarta Pangeran Yehuwah, Allahira,
wus ngentasake sira saka ing kono kalawan
asta kang rosa lan lengen kang kaulukake;
mulane Pangeran Yehuwah, Allahira, dhawuh
marang sira supaya ngriyayake dina Sabat.
16 Sira ngajenana bapa-biyungira, kaya kang
wus dadi dhawuhe Sang Yehuwah Allahira,
maran sira, supaya dawaa umurira lan supaya
diganjara slamet ana ing tanah peparinge
Pangeran Yehuwah, Allahira, marang sira.
17 Sira aja memateni.
18 Sira aja laku bedhang.
19 Sira aja nyenyolong.
20 Sira aja nglairake paseksi goroh tumrap
pepadhanira.
21 Sira aja melik bojone pepadhanira, sira aja
melik omahe pepadhanira, utawa pategalane
lan bature lanang utawa wadon, sapine utawa
kuldine, lan sadhengah apa bae kang dadi
duweke pepadhanira.
22 Iya pangandika iku mau kang didhawuhake
dening Sang Yehuwah marang sapepake
pasamuwanmu kanthi swara kang banter ana
ing gunung ing satengahe geni lan mendhung
sarta peteng ndhedhet, lan ora disambeti
apa-apa maneh. Kabeh iku banjur diserat ing

papan watu loro, tumuli diparingake marang
aku.”

Wong Israel wedi marang rawuhe Pangeran Yehuwah

5:23-33

[23] “Nalika kowe padha krungu swara iku
saka ing satengahe pepeteng kang ndhedhet,
mangka gununge murub, kowe yaiku,
para sakehe pemimpining talermu lan para
tuwa-tuwamu padha nyedhaki aku, [24] sarta
padha matur: Saestu, Pangeran Yehuwah,
Gusti Allah kita, sampun ngatingalaken
kamulyan lan kaluhuranipun dhateng kita,
sarta kita sampun sami mireng sabdanipun
saking ing satengahing latu. Ing dinten punika
kula sampun sami nekseni, bilih wonten
manungsa ingkang dipun pangandikani dening
Gusti Allah, mangka kok saged lestantun
gesang. [25] Nanging sapunika kados pundi,
punapaa dene kula kok kedah nemahi
pejah. Awitdene latu ageng punika temtu
badhe mangsa kula sadaya; manawi kula
ngantosa kedangon anggen kula sami mireng
sabdanipun Sang Yehuwah, Gusti Allah kita,
saestu kula sami badhe pejah. [26] Awit pundi
wonten panunggilanipun titah ingkang mireng
sabdanipun Gusti Allah ingkang asipat gesang,
ingkang ngandika saking satengahing latu,
kados ingkang kula alami punika, mangka
saged lestantun gesang? [27] Panjenengan
kula aturi sowan nyelak saha midhangetaken

sadaya ingkang badhe kadhawuhaken
dening Sang Yehuwah, Gusti Allah kita, saha
panjenengan ingkang nglajengaken dhateng
kula, sadaya ingkang dipun pangandikakaken
dening Pangeran Yehuwah, Gusti Allah kita,
dhateng panjenengan, tumunten badhe sami
kula pirengaken saha kula lampahi.
28 Anadene nalika Sang Yehuwah midhanget
kang dadi pangucapmu marang aku kaya
mangkono iku, tumuli aku dipangandikani
dening Sang Yehuwah: Ingsun wus midhanget
celathune bangsa iki marang sira; apa
kang diucapake kabeh iku becik. 29 Bok
iya tetepa anggone padha duwe bebuden
mangkono iku yaiku, padha wedi-asih marang
Ingsun sarta netepi pepakeningSun, supaya
padha ginanjar slamet dalah anak-putune
salawas-lawase. 30 Sira mangkata lan tutura
marang wong-wong iku: Padha balia menyang
tarubmu. 31 Nanging sira ngadega ana ing
kene karo Ingsun, sira bakal Sundhawuhi
sekehe pepakon, katetepan lan pranatan,
kang kudu sira wulangake marang wong-wong
iku, supaya padha dilakoni ana ing tanah kang
bakal Sunparingake dadi darbeke.
32 Kang iku kowe padha nglakonana apa
sadhawuhe Pangeran Yehuwah, Gusti Allahmu,
marang kowe iku kalawan tumemen, sarta
aja nyimpang mangiwa utawa manengen.
33 Kabeh dalan kang ditedahake dening
Pangeran Yehuwah, Gusti Allahmu, marang
kowe, iku ambahen, supaya kowe padha urip

lan padha ginanjar slamet apadene dawa
umurmu ana ing tanah kang bakal kokejegi."

Tresna marang Gusti Allah iku dhawuh kang utama

6:1-25

6 1 "Iki dhawuh, yaiku katetepan lan
pranatan kang atas dhawuhe Pangeran
Yehuwah, Gusti Allahmu, dakwulangake
marang kowe, supaya padha dilakoni ana
ing nagara kang kokparani bakal kokejegi,
2 supaya kowe wedi-asiha marang Pangeran
Yehuwah, Gusti Allahmu, netepana sakehe
katetepan lan pepakene kang dakterusake
marang kowe, iya kowe dalah anak-putumu
sajegmu urip, supaya dawa umurmu. 3 Mulane,
he Israel, padha ngrungokna! Iku kabeh padha
lakonana kalawan temen-temen, supaya
kowe padha ginanjar slamet lan supaya
padha tangkar-tumangkar, kaya kang wus
dijanjekake dening Sang Yehuwah, Gusti
Allahe para leluhurmu, marang kowe ana ing
tanah kang luber puwan lan madu.
4 He Israel, ngrungokna, Pangeran Yehuwah
iku Gusti Allah kita, Pangeran Yehuwah iku
siji. 5 Kang iku kowe tresnaa marang Pangeran
Yehuwah, Gusti Allahmu, kalawan gumolonging
atimu lan gumolonging nyawamu sarta ing
sakekuwatanmu. 6 Tembung-tembung kang
diprentahake marang kowe ing dina iki,
iku padha gatekna, 7 lan padha wulangna
bola-bali marang anak-anakmu lan rembugen

samangsa kowe lagi lungguhan ana ing
omahmu, samangsa kowe pinuju lelungan
lan samangsa lagi turon utawa samangsa
kowe tangi. 8 Sarta maneh padha talenana
ing tanganmu minangka pratandha, lan dadia
tenger pangeling-eling ana ing bathukmu,
9 apadene padha tulisana ing pipining lawange
omahmu lan ing gapuramu.
10 Anadene besuk samangsa wus kelakon
kowe diirid dening Sang Yehuwah, Gusti
Allahmu lumebu ing nagara kang wus
diprasetyakake kalawan supaos marang para
leluhurmu, Abraham, Iskak lan Yakub, bakal
diparingake marang kowe, -- kutha-kutha
kang gedhe lan endah kang dudu yasanmu,
11 sarta omah-omah kang kebak isi dandanan
warna-warna kang becik, mangka dudu
kowe kang ngiseni; sarta sumur-sumur
mangka dudu kowe kang ndhudhuk, apadene
pakebonan anggur lan pakebonan jaitun kang
dudu tanduranmu --, lan samangsa kowe
wus mangan nganti wareg, 12 nuli dingati-ati
aja nganti lali marang Sang Yehuwah kang
wus ngentasake kowe saka ing tanah Mesir,
saka ing pangawulan. 13 Kowe wedi-asiha lan
ngabektia marang Pangeran Yehuwah, Gusti
Allahmu, lan anggonmu sumpah iku demia
asmane. 14 Aja ngetut-buri allah liya-liyane,
panunggalane allah-allahe para bangsa kang
ana ing saubengmu; 15 awitdene Pangeran
Yehuwah, Gusti Allahmu, iku Allah kang
butajengan ana ing tengahmu, supaya aja
nganti bebendune Pangeran Yehuwah, Gusti

Allahmu mulad-mulad marang kowe, temah
kowe ditumpes kasirnakake saka ing bumi.
[16] Kowe aja nyoba marang Sang Yehuwah,
Gusti Allahmu, kaya anggonmu wus padha
nyoba marang Panjenengane ana ing Masa.
[17] Prentahe Pangeran Yehuwah, Gusti Allahmu,
iku padha tetepana, mangkono uga pepenget
lan katetepane kang wus didhawuhake marang
kowe; [18] karomaneh kowe nglakonana apa
kang bener lan kang becik ana ing ngarsane
Sang Yehuwah, supaya kowe ginanjara slamet,
sarta lumebu lan ngejegi nagara kang becik
kang wus diprasetyakake kalawan supaos
dening Pangeran Yehuwah marang para
leluhurmu, [19] kalawan nundhungi sakehe
mungsuhmu saka ing ngarepmu, kaya kang
wus didhawuhake dening Sang Yehuwah.
[20] Ing tembe manawa anakmu takon marang
kowe: Menggah pepenget saha katetepan
tuwin pranatan ingkang kadhawuhaken dening
Pangeran Yehuwah, Gusti Allah kita, dhateng
panjenengan, punika kados pundi?, [21] nuli
anakmu mau wangsulana: Kita dhek biyen
padha dadi kawulane Sang Prabu Pringon
ing tanah Mesir, nanging Sang Yehuwah
wus ngentasake kita saka ing tanah Mesir
kalawan asta kang rosa. [22] Pangeran Yehuwah
nindakake pratandha lan kaelokan kang
nggegirisi lan gawe cilaka tumuju marang
ing tanah Mesir, marang Sang Prabu Pringon
lan sabrayate kabeh kang padha kita sipati,
[23] nanging kita banjur padha dientasake saka
ing kono bakal diirid lumebu, prelu diparingi

nagara kang wus diprasetyakake kalawan
supaos marang para leluhur kita. [24] Kita padha
didhawuhi dening Sang Yehuwah, Gusti Allah
kita, supaya nglakoni sakehe katetepan iku
lan supaya padha wedi-asih marang Pangeran
Yehuwah, Gusti Allah kita, supaya kita tansah
slamet lan supaya kita dilestarekake urip
kaya ing dina iki. [25] Dene manawa kita
padha nglakoni sakehe pepakon iku kalawan
temen-temen ana ing ngarsane Pangeran
Yehuwah, Gusti Allah kita, kaya anggon kita
padha didhawuhi, iku bakal kaetung dadi
kabeneran kita."

Pangrengkuhe wong Israel marang para bangsa ing tanah Kanaan

7:1-11

7 [1] "Samangsa Pangeran Yehuwah, Gusti
Allahmu, wus ngirid kowe lumebu ing
tanah kang kokparani lan bakal kokejegi, sarta
wus nundhungi bangsa pirang-pirang saka
ing ngarepmu, yaiku wong Het, wong Girgasi,
wong Amori, wong Kanaan, wong Feris, wong
Hewi lan wong Yebus, bangsa pitu kang cacahe
lan kekuwatane ngungkuli kowe, [2] sarta
iku wus padha diulungake dening Pangeran
Yehuwah, Gusti Allahmu, marang kowe
satemah kena kokgecak nganti kalah, bangsa
iku kudu padha koktumpes babar pisan. Aja
gawe prajanjian karo bangsa-bangsa iku lan
aja kokwelasi. [3] Karomaneh aja bebesanan
karo wong iku, anakmu wadon aja kokolehake

karo anake lanang, utawa anake wadon
iya aja kokjodhokake karo anakmu lanang;
4 awitdene anakira lanang mesthi bakal
didadekakake nyimpang saka Ingsun, satemah
padha ngabekti marang allah liyane. Manawa
mangkono bebendune Sang Yehuwah bakal
mulad-mulad marang kowe lan kowe enggal
bakal katumpes. 5 Nanging bangsa-bangsa
iku padha etrapana mangkene: Misbyahe
padha rubuhna, lan tugu-tugune brahala
padha remukana, saka-sakane brahala padha
sirnakna, lan reca-recane padha kaobonga
nganti entek. 6 Marga kowe iku umat kang suci,
kagem Pangeran Yehuwah, Gusti Allahmu;
kowe kang dipilih dening Sang Yehuwah, Gusti
Allahmu, saka ing antarane para bangsa kang
ana ing salumahing bumi, kadadekakake umat
kagungane kang kinasihan.
7 Pangeran Yehuwah anggone katarik
panggalihe marang kowe lan anggone
milih kowe, iku ora marga saka cacahmu
ngungkuli bangsa-bangsa liyane, -- sajatine
kowe iku rak cilik dhewe ana ing antarane
bangsa-bangsa kabeh --, 8 nanging marga
Pangeran Yehuwah ngasihi marang kowe
lan karsa netepi supaose kang didhawuhake
marang para leluhurmu, mulane kowe padha
dientasake kalawan asta kang rosa lan
ditebus saka ing omah pangawulan, saka ing
astane Sang Prabu Pringon, ratu ing Mesir.
9 Kang iku sumurupa, yen Pangeran Yehuwah,
Gusti Allahmu, iku kang jumeneng Allah,
Gusti Allah kang setya-tuhu, kang netepi

prasetya lan sih-kadarmane tumrap kang
padha tresna ing Panjenengane lan netepi
dhawuh-dhawuhe, nganti pirang-pirang ewu
turunan, [10] nanging saben wong kang sengit
marang Panjenengane, bakal diwales lan
disirnakake. Satrune ora diparingi sumene,
mesthi terus bae bakal diwales. [11] Mulane kowe
padha netepana prentahe, yaiku katetepan lan
pranatan kang dakluntakake marang kowe ing
dina iki supaya koklakoni."

Janji bab berkah

7:12-26

[12] "Sarta bakal kelakon, sarehne kowe padha
nilingake lan nglakoni pranatan-pranatan
iku kalawan temen-temen, mulane Sang
Yehuwah, Gusti Allahmu, iya bakal netepi
prasetyan lan sih-kadarmane kang wus
didhawuhake kalawan supaos marang
para leluhurmu. [13] Kowe bakal dikasihi,
diberkahi lan didadekake tangkar-tumangkar.
Karodene Panjenengane iya bakal mberkahi
wohing wetenganmu, pametuning bumimu,
gandummu lan anggurmu sarta lengamu,
apadene anak-anake sapimu lan wedhusmu
ana ing tanah kang wus diprasetyakake
kalawan supaos marang para leluhurmu
yen iku bakal diparingake marang kowe.
[14] Anggonmu binarkahan iku bakal ngluwihi
sakehe para bangsa, bakal ora ana
panunggalanmu kang gabug, dadia lanang
utawa wadon, dalah kewanmu iya ora ana

kang majer. [15] Karodene Pangeran Yehuwah
bakal ngedohake kowe saka sarupane lelara,
lan kowe ora bakal kecandhak ing memala
kang nggegirisi kang tau koksumurupi ana ing
tanah Mesir. Nanging iku bakal diganjarake
marang sakehe wong kang sengit marang
kowe. [16] Sakehe bangsa kang bakal diulungake
dening Pangeran Yehuwah marang kowe iku
kudu padha koktumpes; aja nganti kokeman,
lan aja ngabekti marang allahe, awit iku
masthi dadi kalajiret tumrap kowe.
[17] Saupama kowe duwe osik: Bangsa-bangsa
iku cacahe ngungkuli bangsaku, kapriye
anggonku bisa nundhungi?, [18] kowe aja
wedi karo wong iku; tansah elinga, apa
kang wus dadi pandamele Sang Yehuwah,
Gusti Allahmu, marang Sang Prabu Pringon
lan marang saindenge tanah Mesir, [19] yaiku
pangrencana-pangrencana kang gedhe,
kang wus koksipati dhewe, apadene
pratandha-pratandha lan kaelokan sarta
asta kang rosa lan lengen kang kaulukake,
kang dadi sranane Pangeran Yehuwah, Gusti
Allahmu, anggone ngentasake kowe; iya
kaya mangkono uga bakal pandamele Sang
Yehuwah, Gusti Allahmu, marang sakehe
bangsa kang kokwedeni iku. [20] Karomaneh
Pangeran Yehuwah, Gusti Allahmu, iya bakal
nekakake tawon nempuh marang bangsa iku,
nganti kabeh padha tumpes kang isih kari,
sarta kang ndhelik. [21] Aja giris marga saka
wong-wong mau, marga Pangeran Yehuwah,
Gusti Allahmu, ana ing tengahmu, Gusti Allah

kang mahaagung lan kang nggegirisi. [22] Sang
Yehuwah, Gusti Allahmu, bakal nundhungi
para bangsa iku saka ing ngarepmu saka
sathithik, ora kena enggal-enggal koktumpes,
supaya cacahe buron alas aja nganti kakehan
ngluwihi cacahmu. [23] Kaya mangkono anggone
bangsa-bangsa mau bakal padha diulungake
dening Pangeran Yehuwah, Gusti Allahmu,
marang ing tanganmu, lan bakal padha
dikisruhake babar pisan, nganti padha tumpes
kabeh. [24] Dalasan ratu-ratune iya bakal
padha diulungake marang ing tanganmu
supaya jenenge padha koksirnakake saka
ing sangisore langit, ora ana wong siji-sijia
kang bisa menang karo kowe, nganti kabeh
wus padha koktumpes. [25] Reca-recane allahe
padha obongen nganti entek, salaka lan
mase aja kokmeliki lan aja kokepek dhewe,
supaya kowe aja nganti kena kala; awitdene
iku jember mungguh ing ngatase Pangeran
Yehuwah, Gusti Allahmu. [26] Lan barang kang
jember aja kokgawa lumebu ing omahmu,
temah kowe uga bakal katumpes kaya iku;
bab iku anggepen nistha lan najis, marga
kabeh iku kudu kasirnakake.”

Atur panuwun marang Gusti Allah marga saka sih-kamirahane

8:1-20

8 [1] “Sakehe pepakon, kang dakprentahake
marang kowe ing dina iki, iku padha
lakonana kalawan temen-temen, supaya kowe

padha lestari urip lan tangkar-tumangkar,
sarta padha bisa lumebu sarta ngejegi
nagara kang wus diprasetyakake dening
Sang Yehuwah kalawan supaos marang
para leluhurmu. 2 Karomaneh kowe elinga,
anggonmu wus dilakokake dening Pangeran
Yehuwah, Gusti Allahmu, ana ing pasamunan
sajrone patang puluh taun iki, karsane
ndadekake andhap-asormu lan nyoba marang
kowe, supaya tetelaa apa kang ana ing sajrone
atimu, yaiku apa kowe netepi pepakene
apa ora. 3 Mulane atimu diesorake, kowe
ditegakake keluwen, sarta kowe diparingi
mangan man, kang durung tau kokweruhi
lan para leluhurmu iya durung tau weruh,
supaya kowe ngerti yen uripe manungsa
iku ora mung marga saka roti bae, nanging
manungsa iku uripe marga saka samubarang
kang dipangandikakake dening Sang Yehuwah.
4 Sandhanganmu ora dadi lawas, lan sikilmu
ora nganti abuh ing sajrone patang puluh taun
iki. 5 Mulane kowe mangretia kang temenan,
yen Sang Yehuwah, Gusti Allahmu anggone
mulang marang kowe kaya pamulange
wong tuwa marang anake. 6 Kang iku padha
netepana pepakene Pangeran Yehuwah,
Gusti Allahmu, lan lumakua ana ing dalan
kang ditedahake sarta wedi-asiha marang
Panjenengane; 7 awitdene Sang Yehuwah,
Gusti Allahmu ngirid kowe lumebu ing nagara
kang becik, nagara kang ana kaline, ana
sendhange, kang mili saka ing lebak-lebak lan
saka ing gunung-gunung. 8 Tanah kang sugih

gandum lan sair, wit anggur, wit anjir sarta
wit delima; nagara kang ana wite jaitun lan
ana madune, 9 nagara kang ora kekurangan
pangan, lan kowe ora bakal padha kekurangan
apa-apa; nagara kang watune ngandhut wesi
lan saka ing gununge kowe bakal ndhudhuk
tembaga. 10 Kowe bakal mangan nganti wareg,
lan kowe banjur bakal padha ngluhurake
Pangeran Yehuwah, Gusti Allahmu, marga
saka nagara kang becik kang diparingake
marang kowe iku.
11 Dingati-ati, aja nganti lali marang
Pangeran Yehuwah, Gusti Allahmu, nganti ora
netepi pepakene, pranatane lan katetepane
kang dakluntakake marang kowe ing dina
iki; 12 lan samangsa kowe wus mangan
nganti wareg, supaya banjur padha gawe
omah kang becik kang padha kokenggoni,
13 sarta samangsa sapi lan wedhusmu wus
padha ngambra-ambra, apadene emas lan
salakamu wus mundhak akeh, iya sabarang
darbekmu saya wuwuh-wuwuh, 14 atimu
aja nganti gumunggung, temah lali marang
Sang Yehuwah, Gusti Allahmu, kang wus
ngentasake kowe saka ing tanah Mesir, saka
ing omah pangawulan; 15 tuwin kang wus
ngirid lakumu ngliwati pasamunan kang
amba lan nggegirisi, panggonan ula mandi
lan kalajengking, kang tanahe garing tanpa
banyu. Panjenengane kang damel metune
banyu saka ing gunung parang kang atos
kanggo kowe; 16 kang maringi pangan man
marang kowe ana ing pasamunan, kang

durung tau disumurupi dening para leluhurmu,
karsane ngesorake atimu lan nyoba marang
kowe, kang karsane mung arep nandukake
kabecikan marang kowe, ing wekasane.
17 Mulane kowe aja nganti padha duwe osik
ing atimu: Pangwasaku lan karosanku kang
njalari aku oleh kasugihan iki. 18 Nanging
kowe elinga marang Pangeran Yehuwah,
Gusti Allahmu, awit iya Panjenengane iku
kang maringi kakuwatan marang kowe nganti
kowe bisa oleh kasugihan, karsane ngiyatake
prasetyane kang wus didhawuhake marang
para leluhurmu kalawan supaos, kaya dene
ing dina iki.
19 Nanging saupama kowe lali marang
Pangeran Yehuwah, Gusti Allahmu, sarta
ngetut-buri lan ngabekti sarta sujud
nyembah marang allah liyane, ing dina
iki kowe dakelingake, yen mesthi bakal
padha tiwas; 20 kayadene para bangsa kang
ditumpes dening Sang Yehuwah ana ing
ngarepmu, mangkono uga kowe iya bakal
padha katumpes, marga kowe ora padha
gelem ngrungokake pangandikane Pangeran
Yehuwah, Gusti Allahmu."

Bangsa Israel dielingake supaya aja nganti ngendel-endelake lelabuhane

9:1-6

9 1 "He wong Israel, rungokna. Saiki kowe
bakal nyabrang bengawan Yarden, arep
lumebu sarta ngenggoni tanahe bangsa-

bangsa kang cacahe lan kakuwatane ngungkuli
kowe, yaiku kang kutha-kuthane gedhe lan
mawa balowarti kang dhuwure nganti sundhul
ing langit; 2 bangsa kang gedhe lan dhuwur
dedeg-pangadege, wong Enak kang wus
koksumurupi lan kokrungu kaloke: Sapa kang
bisa menang karo wong Enak? 3 Bab iku ing
dina iki kowe paha sumurupa, yen Pangeran
Yehuwah, Gusti Allahmu, iya Panjenengane
kang tindak dadi pangiridmu sarta asipat
kaya geni memangsa, iya Panjenengane kang
bakal numpes sakehe bangsa iku, padha
ditelukake ana ing ngarepmu. Kaya mangkono
dadine bangsa mau bakal koktundhungi lan
bakal enggal koksirnakake, kaya kang wus
dadi dhawuhe Sang Yehuwah marang kowe.
4 Anadene samangsa Pangeran Yehuwah,
Gusti Allahmu, wus nundhungi bangsa-bangsa
iku saka ing ngarepmu, kowe aja padha
duwe osik ing atimu: Marga saka lelabetanku
Pangeran Yehuwah anggone ngirid aku
lumebu lan ngebeki nagara iki; sanyatane
marga saka pamblasare bangsa-bangsa iku
anggone padha ditundhungi metu dening Sang
Yehuwah saka ing ngarepmu. 5 Ora marga
saka lelabetan utawa saka jujuring atimu
anggonmu lumebu ngejegi nagarane, nanging
marga saka pamblasare para bangsa iku,
Pangeran Yehuwah, Gusti Allahmu, anggone
nundhungi metu saka ing ngarepmu, sarta
maneh supaya netepana prajanjine kang
wus didhawuhake kalawan supaos marang
para leluhurmu yaiku Rama Abraham, Rama

Iskak lan Rama Yakub. 6 Kang iku kawruhana,
yen ora marga saka lelabetanmu anggone
Pangeran Yehuwah, Gusti Allahmu, maringake
nagara kang becik iku marang kowe supaya
dadi duwekmu. Satemene kowe iku bangsa
kang wangkot."

Lelakon bab murtade ana ing gunung Horeb

9:7-29

7 "Elinga, aja lali, yen kowe wus padha
ndadekake dukane Sang Yehuwah, Gusti
Allahmu, ana ing pasamunan. Wiwit budhalmu
saka ing tanah Mesir nganti tekamu ing kene
iki, kowe tansah padha nglawan marang
Pangeran Yehuwah. 8 Ana ing gunung Horeb
kowe padha njalari dukane Pangeran Yehuwah,
malah saka bangeting dukane, nganti kowe
arep padha ditumpes. 9 Nalika aku wus
munggah ing gunung bakal nampani papan
watu, iya papaning prasetyan damelane
Pangeran Yehuwah kang wus katetepake karo
kowe, aku banjur nginep ana ing dhuwur
gunung kono lawase nganti patang puluh
dina patang puluh bengi, ora mangan roti
lan ora ngombe banyu. 10 Pangeran Yehuwah
banjur maringake papan watu loro marang
aku, isi seratan tapak astane Gusti Allah, kang
surasane padha karo pangandika kang wus
kadhawuhake dening Sang Yehuwah marang
kowe ana ing gunung saka ing tengahe geni,
mbeneri dinane pasamuwan. 11 Sawuse patang

puluh dina patang puluh bengi mau, Pangeran
Yehuwah banjur maringake papan watu
loro marang aku, iya papane prasetyan iku.
12 Pangeran Yehuwah tumuli ngandika marang
aku, mangkene: Sira ngadega, dienggal
mudhuna, awit bangsanira kang sira entasake
saka ing tanah Mesir iku wus nglakoni duraka;
enggal temen anggone padha nyleweng saka
ing dalan kang wus Sundhawuhake, wus padha
gawe sesembahan reca cor-coran. 13 Pangeran
Yehuwah ngandika maneh marang aku:
Bangsa iki wus Sunsekseni, pancen bangsa
kang wangkot. 14 Ingsun aja sira penggak,
bangsa iki bakal Suntumpes lan jenenge
Sunsirnakake saka ing sangisore langit;
nanging sira bakal Sundadekake bangsa kang
luwih kwasa lan luwih akeh cacahe tinimbang
bangsa iki. 15 Aku banjur mudhun saka ing
gunung, kang lagi murub; dene papane
prasetyan sakarone daksangga ing tanganku
loro. 16 Aku tumuli weruh, sanyata-nyata
kowe wus padha gawe dosa marang Pangeran
Yehuwah, Gusti Allahmu, wus padha gawe reca
pedhet cor-coran; enggal temen anggonmu
padha nyleweng saka ing dalan kang wus
didhawuhake dening Sang Yehuwah marang
kowe. 17 Ing kono papan watu loro mau
dakcekel kalawan kenceng banget, dakbanting
saka ing tanganku loro, lan dakremuk ana
ing ngarepmu. 18 Aku banjur tumelung sujud
ana ing ngarsane Pangeran Yehuwah lawase
patang puluh dina patang puluh bengi, kaya
kang dhisik, ora mangan roti lan ora ngombe

banyu, kabeh mau marga saka dosa kang
wus padha koklakoni, yaiku kowe wus padha
duwe pokal kang ala ana ing paningale
Sang Yehuwah, nganti njalari gerahing
panggalihe. 19 Aku ndhredheg nyumurupi
duka lan bebendune Pangeran Yehuwah
kang mulad-mulad marang kowe, nganti
karsane bakal numpes marang kowe kabeh.
Nanging ing sapisan iki Pangeran Yehuwah iya
nyembadani panyuwunku. 20 Kamas Harun
iya didukani banget, nganti karsane iya bakal
ditumpes. Kamas Harun iya dakdongakake
uga ing nalika samana. 21 Nanging wohing
panggawemu kang dosa, yaiku reca pedhet
mau dakjupuk lan dakobong, nuli dakgecak lan
dakgiling nganti lembute sabledug; bubukane
banjur dakbuwang menyang ing kali kang mili
saka ing gunung.
22 Uga ana ing Tabera lan ing Masa sarta
ing Kibrot-Taawa kowe tansah padha njalari
dukane Pangeran Yehuwah. 23 Mangkono uga
nalika Sang Yehuwah dhawuh marang kowe
supaya mangkat saka ing Kadesy-Barnea,
pangandikane: Padha mangkata, ngejegana
nagara peparingingSun marang sira, ing kono
kowe padha mbangkang marang dhawuhe
Pangeran Yehuwah, Gusti Allahmu; kowe
ora nggugu marang Panjenengane lan ora
ngestokake dhawuhe. 24 Malah kowe iku padha
nglawan marang Sang Yehuwah wiwit aku
wanuh karo kowe.
25 Aku tumuli sujud ana ing ngarsane
Sang Yehuwah, -- anggonku sujud patang

puluh dina patang puluh bengi --, marga
wus ana pangandikane Pangeran Yehuwah,
yen bakal numpes marang kowe kabeh,
26 mulane aku nyenyuwun marang Pangeran
Yehuwah, unjukku: Dhuh Gusti Allah, mugi
sampun ngantos nyirnakaken umat Paduka
piyambak, ingkang sampun Paduka tebus
kaliyan kaluhuran Paduka saha ingkang
sampun Paduka entasaken saking tanah
Mesir kanthi asta ingkang rosa. 27 Paduka
mugi karsaa ngengeti dhateng para abdi
Paduka Eyang Abraham, Iskak lan Yakub;
sampun ngantos ngengeti dhateng wangkoting
manahipun bangsa punika, punapa malih
dhateng duraka saha dosanipun; 28 supados
nagari, pinangkanipun anggen kawula sami
Paduka entasaken punika sampun ngantos
sami cariyos: Sarehne Sang Yehuwah ora
kaconggah nglebokake bangsa iku menyang
ing tanah kang wus dijanjekake marang
wong-wong iku, lan marga saka sengite,
mulane wong iku padha diirid metu arep
dipateni ana ing pasamunan. 29 Bangsa punika
rak kagungan Paduka piyambak, ingkang
sampun Paduka entasaken margi saking
kasekten Paduka ingkang linangkung, saha
klayan lengen Paduka ingkang kaulukaken?”

Riwayat bab papan watu kang anyar

10:1-11

10 1 “Ing nalika iku Pangeran Yehuwah
ngandika marang aku: Sira nataha

papan watu loro kaya kang dhisik, nuli
munggaha ing gunung iki sebaa marang ing
ngarsaningSun; lan sira nuli gawea pethi kayu
siji. 2 Papan mau bakal Sunserati pangandika
kaya kang maune ana ing papan kang dhisik
kang wus sira pecah; nuli padha sira selehna
ana ing jero pethi iku. 3 Aku banjur gawe
pethi kayu sitah, lan natah papan watu loro
kaya kang dhisik, tumuli aku munggah ing
gunung karo nggawa papan loro mau. 4 Papane
banjur diserati dening Panjenengane padha
karo seratan kang dhisik, yaiku Pangandika
Sepuluh kang wus dipangandikakake dening
Sang Yehuwah marang kowe ana ing gunung
saka ing tengahe geni, mbeneri kowe
padha kumpulan; sawuse mangkono banjur
diparingake dening Pangeran Yehuwah marang
aku. 5 Aku nuli mudhun saka ing gunung, sarta
papane tumuli dakselehake ing sajrone pethi
olehku gawe; iya ana ing kono sumelehe,
miturut dhawuhe Pangeran Yehuwah marang
aku.

6 Wong Israel tumuli padha budhal saka
Beerot Bene-Yaakan menyang ing Mosera; ana
ing kono Kamas Harun seda lan disarekake iya
ana ing kono, dene kang putra Eleazar kang
nggenteni dadi imam. 7 Saka ing kono banjur
padha budhal menyang ing Gudgod lan saka
ing Gudgod menyang ing Yotbata, sawijining
dhaerah kang akeh kaline.

8 Ing nalika samana Pangeran Yehuwah milih
taler Lewi kadhawuhan ngusung pethining
prasetyan, ngladosi Pangeran Yehuwah sarta

andum berkah atas asmane, nganti tumeka
ing dina iki. 9 Mulane taler Lewi iku ora oleh
panduman tanah-pusaka ana ing antarane
para sadulure; Pangeran Yehuwah kang dadi
pusakane, kaya kang wus dipangandikakake
dening Sang Yehuwah, Gusti Allahmu.
10 Aku banjur ana ing dhuwur gunung maneh,
lawase patang puluh dina patang puluh bengi
kaya kang dhisik, sarta sapisan iki Sang
Yehuwah uga nyembadani panyuwunku;
Pangeran Yehuwah ora bakal numpes marang
kowe. 11 Pangeran Yehuwah banjur ngandika
marang aku: Wis sira tata-tataa, budhala
ngirida bangsa iku, lumebu lan ngejegi
nagara kang wus Sunprasetyakake kalawan
supaos marang para leluhure yen bakal
Sunparingake."

Wong Israel dielingake supaya sumuyud lan ngaturake panuwun marang Gusti Allah

10:12-22

12 "Kang iku, he wong Israel, apa kang
dadi pundhutane Pangeran Yehuwah, Gusti
Allahmu, marang kowe, ora liya mung supaya
kowe padha wedi-asiha marang Pangeran
Yehuwah, Gusti Allahmu, lumakua ana
ing dalan kang ditedahake, sarta tresnaa
lan ngabektia marang Pangeran Yehuwah,
Gusti Allahmu, kalawan gumolonging ati
lan gumolonging nyawamu; 13 nindakna
pepaken lan katetepane Sang Yehuwah kang

dakluntakake marang kowe ing dina iki,
supaya ndadekna kabegjanmu. 14 Satemene,
Pangeran Yehuwah, Gusti Allahmu, iku
kang kagungan langit, malah langit ing
sadhuwure sakehing langit, apadene bumi
dalah saisine kabeh; 15 nanging kang dadi
keparenging panggalihe Sang Yehuwah mung
para leluhurmu kang dikasihi, lan para turune,
iya kowe iku, kang dipilih saka ing antarane
para bangsa kabeh, kaya kaanan ing saiki
iki. 16 Mulane padha netakana atimu lan
aja wangkot maneh. 17 Awitdene Pangeran
Yehuwah, Gusti Allahmu, iku Allahe para allah
lan Gustine para gusti; Allah kang agung
lan kang santosa sarta nggegirisi, kang ora
mawang wong lan nampeni besel; 18 kang
mbelani bocah yatim lan randha sarta kang
ngasihi marang wong ngamanca, sarana
maringi sandhang pangan. 19 Mulane kowe
iya padha nandukna katresnan marang
wong ngamanca, marga kowe biyen iya wus
ngalami dadi wong manca ana ing tanah Mesir.
20 Wedi-asiha marang Sang Yehuwah, Gusti
Allahmu, ngabektia lan rumaketa marang
Panjenengane, sarta anggonmu nglairake
sumpah iya demia asmane. 21 Panjenengane
iku kang dadi underaning pepujianmu, iya
Panjenengane iku Gusti Allahmu, kang
wus nindakake pandamel kang linuwih lan
nggegirisi, kang wus padha koksipati dhewe.
22 Para leluhurmu anggone menyang ing tanah
Mesir cacah-jiwane pitung puluh, nanging
saiki Pangeran Yehuwah Gusti Allahmu, wus

ndadekake cacah-jiwamu kaya lintang ing
langit."

Keluhuraning Pangeran Yehuwah

11:1-7

11 [1] "Kowe kudu padha tresna marang
Pangeran Yehuwah, Gusti Allahmu, lan
netepana apa kang dadi kuwajibanmu marang
Panjenengane kanthi temen-temen, yaiku
sakehe katetepane, pranatane lan pepakene.
[2] Saiki kowe padha sumurup -- kang daktuturi
iku dudu anak-anakmu, kang padha ora ngerti
lan padha ora weruh marang pamerdine
Sang Yehuwah, Gusti Allahmu --, kaluhurane
astane kang rosa lan lengen kang kaulukake,
[3] pratandha lan pakaryane kang ditindakake
ana ing Mesir marang Sang Prabu Pringon,
ratu ing Mesir lan marang ing saindenging
nagarane, [4] uga kang ditandukake marang
wadya-bala Mesir dalah jaran lan kretane,
yaiku anggone Panjenengane damel klelebe
banyune sagara Teberau, nalika padha nututi
kowe, banjur padha katumpes dening Sang
Yehuwah kanggo ing salawase. [5] Mangkono uga
apa kang ditandukake marang kowe ana ing
pasamunan, nganti satekamu ing panggonan
iki, [6] sarta maneh kang ditandukake marang
Datan lan Abiram, anake Eliab, turune Eyang
Ruben, nalika bumi ngangapake cangkeme
nguntal wong-wong mau sabrayate dalah
tarub-tarube apadene kabeh kang padha
ngeloni wong-wong mau ana ing satengahe

wong Israel saumat kabeh. [7] Mripatmu dhewe rak padha weruh sakehe pandamele Pangeran Yehuwah kang linuwih kang katindakake."

Pambangun-turut nekakake berkah, ora nurut nuwuhake pangipat-ipat

11:8-32

[8] "Mulane padha netepana sakehe angger-angger kang dakluntakake marang kowe ing dina iki, supaya kowe padha kaconggaha lumebu lan ngejegi nagara kang kok parani lan bakal kokenggoni,
[9] sarta supaya kowe padha kaparingana umur dawa ana ing tanah kang wus diprasetyakake dening Pangeran Yehuwah marang para leluhurmu kalawan supaos, yen bakal kaparingake marang para leluhurmu lan marang turune, sawijining nagara kang luber puwan lan madu.
[10] Sabab nagara kang kokparani arep kokejegi iku kaanane ora kaya tanah Mesir kang wus koktinggal lunga, kang sawuse koksebari wiji, banjur kudu koksirami banyu kanthi ngrekasa, patrape kaya nggarap pakebonan janganan.
[11] Balik nagara kang kokparani arep kokejegi iku wujud gunung-gunung lan lebak-lebak, oleh banyu udan saka ing langit;
[12] nagara kang diopeni dening Pangeran Yehuwah, Gusti Allahmu, nagara kang tansah dipirsani ing tingale Sang Yehuwah, Gusti Allahmu, saka ing wiwitaning taun nganti tumeka ing wekasaning taun.

[13] Manawa kowe kanthi temen-temen
anggonmu ngestokake pepakon kang
dakluntakake marang kowe ing dina iki lan
padha tresna lan ngabekti marang Pangeran
Yehuwah, Gusti Allahmu, kalawan gumolonging
atimu lan gumolonging nyawamu, [14] mesthi
Panjenengane bakal maringi udan ing tanahmu
ing saben mangsane, iya udan wiwitan lan
udan kang wekasan, satemah kowe bakal
nglumpukake gandummu, anggurmu lan
lengamu; [15] sarta Panjenengane bakal maringi
suket ana ing pangonan kanggo kewanmu,
sarta kowe bakal bisa mangan nganti wareg.
[16] Padha ngati-atia, supaya atimu aja kena ing
godha, temah kowe padha nyimpang sarana
ngabekti lan sujud marang allah liya-liyane.
[17] Yen kaya mangkono, bebendune Sang
Yehuwah bakal mulad-mulad marang kowe
sarta langit bakal kainebake, temah ora ana
udan lan bumi ora aweh pametu, sarta kowe
enggal padha tumpes sirna saka ing nagara
kang becik peparinge Pangeran Yehuwah
marang kowe. [18] Mulane pituturku iki padha
simpenen ana ing atimu lan ing nyawamu,
sarta padha talenana minangka pratandha
ing tanganmu, padha dadia tenger ana ing
sela-selane mripatmu. [19] Padha wulangna
marang anak-anakmu, karembuga manawa
lagi padha lungguhan ana ing omahmu,
manawa mbeneri lumaku ana ing dalan,
manawa lagi turon lan manawa tangi; [20] padha
tulisana ana ing pipining lawange omahmu
lan ing gapuraning kuthamu; [21] supaya

dawaa umurmu lan umure anak-anakmu ana
ing tanah kang wus diprasetyakake dening
Sang Yehuwah kalawan supaos marang para
leluhurmu, yen bakal kaparingake, sasuwene
langit mayungi bumi.
22 Sabab manawa kowe padha temen-temen
netepi surasane angger-angger kang
dakluntakake marang kowe supaya padha
koklakoni iku, sarta tresna marang Pangeran
Yehuwah, Gusti Allahmu, lan lumaku ing
sakehing dalan kang ditedahake, apadene
rumaket marang Panjenengane, 23 Pangeran
Yehuwah masthi bakal nundhungi sakehe
bangsa iku saka ing ngarepmu, satemah kowe
bakal padha ngenggoni tanahe bangsa-bangsa
kang luwih gedhe lan luwih rosa tinimbang
kowe. 24 Saben panggonan kang kokambah
iku bakal dadi duwekmu, wiwit saka ing
pasamunan nganti tumeka ing pagunungan
Libanon, lan saka ing bengawan, yaiku
bengawan Efrat, tumeka ing sagara sisih
kulon, iku bakal dadi tlatahmu. 25 Bakal ora
ana kang kuwat nandhingi marang kowe,
Pangeran Yehuwah, Gusti Allahmu, bakal
ndadekake sakehing nagara kang kokambah,
wonge padha giris lan wedi marang kowe,
kaya kang kajanjekake dening Sang Yehuwah
marang kowe.
26 Lah ing dina iki kowe padha dakkon milih,
berkah apa laknat. 27 Berkah, manawa kowe
padha ngestokake pepakene Sang Yehuwah,
Gusti Allahmu, kang dakluntakake marang
kowe ing dina iki; 28 lan laknat, manawa

kowe padha ora ngestokake pepakene Sang
Yehuwah, Gusti Allahmu, sarta nyleweng saka
ing dalan kang dakprentahake marang kowe
ing dina iki, tuwin ngetut-buri marang allah
liyane kang ora kokweruhi.
29 Dadi samangsa Pangeran Yehuwah, Gusti
Allahmu, wus ngirid lakumu lumebu ing nagara
kang kokparani lan bakal kokejegi, kowe kudu
ngucapake berkah ana ing gunung Gerizim lan
laknat ana ing gunung Ebal. 30 Karo-karone
rak kaprenah ana ing sakulone bengawan
Yarden, ing saburine dalan gedhe ing sisih
surupe srengenge, ana ing nagarane wong
Kanaan kang manggon ana ing Araba-Yordan,
ing penere Gilgal, cedhak wit elon ing More?
31 Sadhela engkas kowe bakal padha nyabrang
ing bengawan Yarden, lumebu lan ngejegi
nagara peparinge Sang Yehuwah, Gusti
Allahmu, marang kowe; dene samangsa
nagara iku wus kelakon padha kokenggoni lan
kokebeki, 32 kowe padha nglakonana sakehe
katetepan lan pranatan kang dakluntakake
marang kowe ing dina iki."

Mung siji papane pangibadah

12:1-28

12 1 "Iki katetepan lan pranatan kang kudu
padha koklakoni kalawan temen-temen
ana ing nagara peparinge Pangeran Yehuwah,
Gusti Allahe para leluhurmu marang kowe,
supaya dadia darbekmu sajegmu urip ana
ing donya iki. 2 Sadhengah panggonan,

kang bakal kokejegi, kang dienggoni dening
bangsa kang ngabekti marang allahe, iku
padha gempuren kabeh, iya kang ana ing
gunung-gunung kang dhuwur lan ing tengger-
tengger apadene ing sangisore saben wit
kang nggrembel. 3 Misbyah-misbyahe padha
rubuhna, tugu-tugune brahala padha remuken
lan saka-sakane brahala padha obongen,
reca-recane allahe, padha leburen, sarta
jenenge padha sirnakna saka ing kono. 4 Aja
kaya mangkono tandukmu marang Pangeran
Yehuwah, Gusti Allahmu. 5 Nanging panggonan
kang bakal dipilih dening Pangeran Yehuwah,
Gusti Allahmu, saka ing sakehe talermu kagem
padununganing asmane, kagem njejegake
asmane ana ing kono, panggonan iku golekana
lan iku paranana. 6 Kowe padha mranaa
ngladekna kurbanmu obaran lan kurbanmu
sembelehan sarta pisungsungmu prasepuluhan
lan pisungsungmu mligi, pisungsung punagi
lan pisungsungmu manasuka, apadene
pembareping sapi lan wedhusmu. 7 Sarta ana
ing kono ana ing ngarsane Sang Yehuwah
padha mangana, kowe dalah sabrayatmu
padha giyak-giyaka, marga kabeh kang
padha koktindakake padha diberkahi dening
Pangeran Yehuwah, Gusti Allahmu.
8 Aja padha duwe pratingkah kaya kang
padha kita lakoni ana ing kene ing dina iki,
yaiku saben wong padha nindakake kang
diwawas bener. 9 Marga tekan saiki kowe
durung padha lumebu ing palereman lan tanah
pusaka bakal peparinge Pangeran Yehuwah,

Gusti Allahmu marang kowe. [10] Nanging
samangsa kowe wus nyabrang bengawan
Yarden lan manggon ing tanah kang bakal
diparingake dening Sang Yehuwah, Gusti
Allahmu, marang kowe supaya dadi duwekmu,
lan samangsa Panjenengane wus maringi
tentrem uwal saka sakehe mungsuh kang
ana ing saubengmu, lan kowe wus padha
bisa manggon kalawan ayem, [11] kowe padha
menyanga ing panggonan kang pinilih dening
Pangeran Yehuwah, Gusti Allahmu, kagem
padunungane asmane, kalawan ngladekake
sabarang kang dakprentahake marang kowe,
yaiku: kurban obaran, kurban sembelehan,
pisungsung prasepuluhan lan pisungsung-
mligi, sakehe pisungsung punagi kang pilihan,
kang kokpunagekake marang Pangeran
Yehuwah. [12] Kowe nuli padha bungah-bungaha
ana ing ngarsane Pangeran Yehuwah, Gusti
Allahmu, iya kowe dhewe, iya anak-anakmu
lanang lan wadon, batur-baturmu lanang
lan wadon, dalah wong Lewi kang dedunung
ana ing panggonanmu, marga iku ora melu
nduweni tanah pusaka ing tengahmu.

[13] Dingati-ati kowe aja nganti nyaosake
kurbanmu obaran ing angger panggonan
kang koksenengi; [14] nanging mung ana ing
panggonan kang bakal dipilih dening Sang
Yehuwah ana ing dhaerahe salah sijining
talermu, ana ing kono anggonmu padha
nyaosake kurbanmu obaran, lan ana ing
kono anggonmu nglakoni sabarang apa kang
dakprentahake marang kowe.

15 Ewadene kowe kena bae nyembeleh lan
mangan daging ing sasenengmu dhewe,
mawa-mawa berkah kang diparingake dening
Pangeran Yehuwah, Gusti Allahmu, marang
kowe ana ing sakehe panggonanmu. Wong
kang najis lan kang ora najis padha kena
mangan iku, kaya yen mangan daging kidang
utawa menjangan; 16 mung getihe aja nganti
padha kokpangan, iku esokna ing bumi
kayadene banyu. 17 Mungguh pisungsung
prasepuluhane gandum, anggurmu sarta
lengamu, apamaneh pembarepe sapimu
lan wedhusmu, iku aja kokpangan ana ing
panggonanmu, mangkono uga kurban kang
bakal kokpunagekake, apadene pisungsungmu
manasuka, utawa pisungsung sesaosanmu
kang mligi. 18 Nanging anggonmu mangan iku
anaa ing ngarsane Pangeran Yehuwah, Gusti
Allahmu, ing panggonan kang bakal kapilih
dening Pangeran Yehuwah, Gusti Allahmu,
iya kowe, dalah anak-anakmu lanang lan
wadon, baturmu lanang lan wadon lan wong
Lewi kang ana ing wewengkonmu. Kowe
padha bungah-bungaha ana ing ngarsane
Pangeran Yehuwah Gusti Allahmu, marga
saka samubarang kang wus koktandangi.
19 Dingati-ati, kowe aja nganti nglirwakake
marang wong Lewi, salawase kowe manggon
ana ing tanahmu.

20 Samangsa Pangeran Yehuah, Gusti
Allahmu, ing tembe wus ngelar tlatahing
tanahmu, kaya kang wus dadi pangandikane
marang kowe, mangka kowe nuli duwe

osik: Aku arep mangan daging, marga kowe
kepengin mangan daging, iya mangana dading
ing sasenenging, atimu. 21 Manawa panggonan
kang bakal dipilih dening Pangeran Yehuwah,
Gusti Allahmu, kagem njejegake asmane
iku kadohan saka panggonanmu, kowe
kepareng nyembeleh panunggalane sapimu
lan wedhusmu peparinge Sang Yehuwah
marang kowe, kaya kang dakprentahake
marang kowe, sarta mangana daginge ana
ing panggonanmu ing sasenenging atimu.
22 Nanging pamanganmu iku dikaya yen
mangan daginge kidang utawa menjangan.
Wong kang najis lan kang ora najis padha
kena mangan. 23 Mung poma aja nganti
mangan getihe, marga getih iku nyawane;
mulane aja mangan nyawa bebarengan karo
daging. 24 Poma iki aja kokpangan, nanging
esokna ing bumi kayadene banyu. 25 Aja
kokpangan, supaya kowe saanak-putumu ing
sapungkurmu padha slameta, marga kowe
nglakoni apa kang bener ana ing paningale
Sang Yehuwah. 26 Balik pisungsungmu kang
suci lan pisungsungmu punagi iku padha
gawanen menyang ing panggonan kang bakal
dipilih dening Sang Yehuwah; 27 kurbanmu
obaran, iya daging tekan getihe, padha
olahen ana ing misbyahe Sang Yehuwah,
Gusti Allahmu, dene getihe kurbanmu
sembelehan iku kaesokna ing misbyahe
Pangeran Yehuwah, Gusti Allahmu, nanging
daginge kena kokpangan.

28 Gatekna temenan apa kang dakprentahake
marang kowe, supaya kowe saanak-putumu
ing sapungkurmu padha ginanjara slamet
ing salawas-lawase, marga kowe nglakoni
apa kang becik lan bener ana ing paningale
Pangeran Yehuwah, Gusti Allahmu."

Pepeling tumrap nyembah brahala lan pangibadah kang nasar

12:29--13:18

29 "Besuk samangsa Pangeran Yehuwah,
Gusti Allahmu, wus numpes saka ing
ngarepmu, bangsa-bangsa kang tanahe
kokparani bakal kokejegi sarta manawa kowe
wus kelakon padha ngejegi dhaerahe lan
manggon ing nagarane; 30 banjur dingati-ati,
supaya sawuse padha katumpes saka ing
ngarepmu, kowe aja nganti kena ing kalajiret
lan banjur niru wong-wong iku; kowe aja
nakokake bab allahe kalawan pangucapmu:
Kapriye bangsa iki anggone padha ngabekti
marang allahe? Aku iya padha daktumindak
mangkono. 31 Pangeran Yehuwah, Gusti
Allahmu, aja koktanduki kaya mangkono,
awitdene samubarang kang jember tumrap
Pangeran Yehuwah, apa kang disengiti, iku
kang ditindakake dening bangsa iku tumrap
allahe; malah anake lanang lan wadon padha
diobongi, kanggo allahe.
32 Kabeh kang dakprentahake marang kowe
iku padha lakonana kalawan temen-temen,
aja kokwuwuhi lan iya aja kokkurangi.

13 [1] Saupama ing tengahmu ana nabi
utawa wong olah impen kang muncul
lan aweh pratandha utawa mukjijat, [2] mangka
pratandha utawa mukjijat kang dikandhakake
marang kowe iku kelakon temenan, sarta wong
mau ngucap: Payo padha ngenut marang allah
liyane, kang padha ora kokwanuhi lan payo
padha ngabekti marang allah iku, [3] pangajake
nabi utawa wong olah inpen mau aja kokturuti;
awitdene Pangeran Yehuwah, Gusti Allahmu,
nyoba marang kowe, supaya katitika apa kowe
padha tresna marang Pangeran Yehuwah,
Gusti Allahmu, kalawan gumolonging atimu
lan gumolonging nyawamu. [4] Padha manuta
lan wedi-asiha marang Pangeran Yehuwah,
Gusti Allahmu, padha netepana pepakene lan
ngestokna dhawuhe, sarta padha ngabektia lan
rumaketa marang Panjenengane. [5] Anadene
nabi utawa wong olah impen mau kaukuma
pati, marga ngajak murtad saka ing Pangeran
Yehuwah, Gusti Allahmu, kang wus ngentasake
kowe saka ing tanah Mesir lan nebus saka
ing pangawulan; karepe arep nasarake kowe
saka ing dalan kang wus didhawuhake dening
Pangeran Yehuwah, Gusti Allahmu, marang
kowe supaya kokambaha. Kaya mangkono
anggonmu kudu nyingkirake kang ala saka ing
satengahmu.

[6] Saupama sadulurmu lanang, anake
biyungmu utawa anakmu lanang utawa
wadon, utawa somahmu dhewe utawa
mitramu, kalawan dhedhemitan mbujuk
marang kowe, pangucape: Payo padha

ngabekti marang allah liyane, kang padha
ora kokwanuhi lan iya ora diwanuhi dening
para leluhurmu, 7 iya panunggalane allahe
para bangsa kang ana ing saubengmu,
dadia kang cedhak utawa kang adoh karo
kowe, saka poncoting bumi tekan poncoting
bumi, 8 iku aja nganti kokkalahi lan aja
kokrungokake. Iya aja kokeman lan kokwelasi
utawa kokdhelikake kaluputane; 9 nanging
wong iku poma patenana, tanganmu dhewe
kang miwiti mateni dhisik, nuli tangane wong
sabangsa kabeh. 10 Wonge dibenturana watu
nganti mati, marga wus duwe pangangkah
arep ndadekake murtadmu saka Pangeran
Yehuwah, Gusti Allahmu, kang wus ngentasake
kowe saka ing tanah Mesir, saka ing omah
pangawulan. 11 Ing kono wong Israel kabeh
bakal padha krungu temah padha wedi, temah
bakal ora ana wong kang duwe pokal dursila
kaya mangkono iku ana ing tengahmu.

12 Saupama ana ing salah sijine kutha kang
bakal diparingake Sang Yehuwah, Gusti
Allahmu, marang kowe supaya kokenggoni,
kowe krungu warta mangkene: 13 Ana wong
dursila kang padha jumedhul saka ing
antaramu kang wus padha nasarake wong-
wong ing kuthane, kalawan pangucape: Payo
padha ngabekti marang allah liyane kang ora
kokwanuhi, 14 iku nuli titi-priksanen, satitekna
lan takok-takokna kalawan tliti. Manawa jebul
bener lan wus nyata ana kakadean mangkono
ing satengahmu, 15 poma wong isine kutha iku
banjur padha patenana kalawan landheping

pedhang; kutha iku lan saisine kabeh dalah
kewane kasirnakna. [16] Kabeh barang jarahan
kaklumpukna ana ing tengah alun-alun,
nuli kutha dalah jarahane kabeh obongen
nganti entek, minangka kurban obaran kang
ganep sumaos marang Pangeran Yehuwah,
Gusti Allahmu. Kabeh iku bakal tetep dadi
gempuran ing salawase, aja nganti dibangun
maneh. [17] Barang-barang rayahan mau aja
ana kang tumemplek ing tanganmu, supaya
mulad-mulading bebendune Sang Yehuwah
mendha, lan kowe diparingana piwelas lah
sih-mirma, apamaneh ditangkar-tangkarna,
kaya kang wus dadi prasetyane kalawan
supaos marang para leluhurmu. [18] Amarga
kanthi patrap kaya mangkono kowe dadine
ngestokake dhawuhe Pangeran Yehuwah Gusti
Allahmu, lan netepi sakehe pepakene kang
dakluntakake marang kowe ing dina iki, sarta
nglakoni apa kang bener ana ing paningale
Pangeran Yehuwah, Gusti Allahmu."

Patrap nelakake kasusahan kang ora diparengake

14:1-2

14 [1] "Kowe iku padha putrane Pangeran
Yehuwah, Gusti Allahmu; kowe aja
padha mblereki kulitmu lan aja nyukur
rambutmu ing sadhuwure bathukmu marga
kepaten; [2] awitdene kowe iku umat kang suci
kagem Pangeran Yehuwah, Gusti Allahmu,
sarta kowe kang wus dipilih dening Sang

Yehuwah saka ing antarane para bangsa kabeh
kang ana ing salumahe bumi, kadadekakе
umat kagungane piyambak.”

Kewan kang karam lan kang kalal

14:3-21

3 “Kowe aja mangan sadhengah kang
jember. 4 Iki pratelane kewan asikil papat
kang klilan padha kokpangan: sapi, wedhus
gembel, wedhus berok; 5 menjangan kidang,
menjangan tutul, wedhus alasan, kidang
pagunungan, bantheng lan wedhus gembel
alasan. 6 Iya sadhengah kewan kang asikil
papat kang tracake belah, -- yaiku kang
belahane cawang dadi loro --, sarta kang
nggayemi ing antarane sato-kewan kang asikil
papat, iku kang klilan padha kokpangan.
7 Nanging panunggalane kang nggayemi lan
tracake cawang kang ora klilan kokpangan,
yaiku: unta, arnebet lan safan, awit kabeh iku
sanadyan nggayemi, nanging ora tracak belah;
iku kabeh karam tumrap ing kowe. 8 Mangkono
uga celeng, tracake iya belah, nanging ora
nggayemi, iku dadia karam tumrap ing kowe.
Aja padha kokpangan daginge lan kowe aja
nganti kagepok ing bathange.
9 Panunggalane kang ana ing banyu kang
klilan kokpangan yaiku: sadhengah kang
mawa siwar lan sisik, 10 nanging kang tanpa
siwar lan tanpa sisik iku aja kokpangan, iku
kabeh karam tumrap ing kowe.

[11] Sarupane manuk kang kalal iku kena
kokpangan. [12] Nanging kang ora kena
kokpangan, yaiku: manuk garudha, manuk
beri lan manuk wulung sagara; [13] wulung
abang, wulung ireng, dayah lan sapepadhane,
[14] bangsa gagak sapepadhane; [15] manuk unta,
manuk beluk, manuk camar lan bangsaning
alap-alap sapepadhane, [16] manuk pungguk,
manuk beluk gedhe, manuk beluk putih,
[17] manuk walang kadhak, manuk rakham lan
manuk salak, [18] manuk khasidah, bangsaning
bango lan sapepadhane, manuk dukhifat lan
bangsa lawa. [19] Sarupane kewan gumremet
kang mawa elar iku iya padha karam tumrap
ing kowe, aja dipangan. [20] Sarupane manuk
kang kalal iku kena kokpangan.
[21] Kowe aja mangan sadhengah bathang; iku
kena kokwenehake marang wong bangsa liya
kang ana ing panggonanmu supaya dipangan,
utawa kena kokedol marang wong neneka;
marga kowe iku bangsa suci kagem Pangeran
Yehuwah, Gusti Allahmu.

Cempe aja kokolah nganggo puwane embokne.”

Pisungsung prasepuluhan

14:22-29

[22] “Sakehe pametune winih kang thukul
ana ing pategalanmu saben taun ajeg
pisungsungna saprasepuluh. [23] Ana ing
panggonan kang bakal dipilih dening
Pangeran Yehuwah, Gusti Allahmu kagem

padalemaning asmane, ana ing ngarsane kono
kowe mangana pisungsung prasepuluhane
gandummu, anggurmu lan lengamu, apadene
pembareping sapimu utawa wedhusmu,
supaya kowe sinaua tansah wedi-asih marang
Pangeran Yehuwah, Gusti Allahmu. [24] Anadene
saupama kadohen lakumu nggawa mrana,
awit panggonan kang bakal dipilih dening
Yehuwah Allahmu kagem padalemaning
asmane iku adoh saka ing panggonanmu,
mangka Pangeran Yehuwah, Gusti Allahmu
wus mberkahi marang kowe, [25] iku nuli
dadekna dhuwit, dhuwite banjur buntelen
lan gawanen menyang panggonan kang
bakal dipilih dening Pangeran Yehuwah, Gusti
Allahmu, [26] dene dhuwit iku banjur tukokna
apa sasenenging atimu, apa sapi, wedhus,
anggur utawa minuman keras utawa apa bae
kang dipengini atimu, tumuli mangana ana
ing kono ing ngarsane Pangeran Yehuwah,
Gusti Allahmu sarta bungah-bungaha, iya
kowe dalah brayatmu. [27] Uga wong Lewi kang
manggon ana ing antaramu iku aja nganti
koklirwakake, marga iku padha ora oleh
panduman tanah-pusaka bebarengan karo
kowe.

[28] Ing pungkasane saben telung taun
kowe ngetokna pisungsung prasepuluhane
pametuning lemahmu ing taun iku, lan
dekekna ana ing kuthamu, [29] nuli bani Lewi
kang ora oleh panduman tanah-pusaka kaya
kowe iku, apadene wong bangsa liya kang
neneka, anak yatim sarta randha kang ana

ing panggonanmu, iku bakal padha mara
lan mangan nganti wareg; iku supaya kowe
diberkahana dening Sang Yehuwah, Gusti
Allahmu tumrap sakehe pagawean kang
koktindakake."

Bab taun lunasing utang

15:1-11

15 [1] "Saben pendhak pitung taun kowe
nganakna palunasan utang. [2] Mungguh
carane palunasan iku mangkene: Saben
wong kang motangake iku nglilakna apa
kang diutangake marang pepadhane, aja
nganti nagih marang pepadhane utawa
sadulure, marga wus ana undhang-undhang
bab palunasan kang kaparingake dening
Pangeran Yehuwah. [3] Tumrap wong bangsa
liya iku kena koktagih, nanging kang
kokutangake marang sadulurmu iku lilakna.
[4] Dadi ing antaramu aja nganti ana wong
miskin, marga Sang Yehuwah mesthi bakal
ngluberake berkahe marang kowe ana ing
tanah kang diparingake dening Pangeran
Yehuwah, Gusti Allahmu, marang kowe dadi
tanah-pusakamu; [5] anggere kowe padha
nggatekake dhawuhe Pangeran Yehuwah,
Gusti Allahmu, kalawan temen-temen, lan
nglakoni kalawan temen-temen sakehing
angger-angger kang dakluntakake marang
kowe ing dina iki. [6] Samangsa Pangeran
Yehuwah, Gusti Allahmu, wus mberkahi kowe,
kaya kang wus dadi dhawuhe marang kowe,

temah kowe bakal motangake marang bangsa
akeh, nanging kowe dhewe ora bakal golek
utangan, sarta bakal nguwasani bangsa akeh,
nanging kowe dhewe ora bakal dikuwasani.
7 Saupama ing antaramu ana wong miskin
panunggalane sadulurmu ana ing salah
sawijining panggonanmu, ana ing tanah kang
diparingake dening Pangeran Yehuwah, Gusti
Allahmu, marang kowe, ing kono kowe aja
nganti ora maelu utawa mung sedhakep
tangan bae ana ing ngarepe sadulurmu
kang miskin mau, 8 nanging tanganmu
malah egarna kang amba lan utangana
kalawan blaba, cukup kanggo kabutuhane.
9 Dingati-ati, supaya ing atimu aja nganti ana
pikiran kang ala mangkene: Iki wus ndungkap
taun kapitu, taun mangsane palunasan
utang, lan kowe banjur mangkel marang
sadulurmu kang miskin iku lan ora menehi
apa-apa; nuli sadulurmu mau sesambat
marang Sang Yehuwah mungguh ing ngatase
kowe, temah prakara iku ndadekake dosamu.
10 Poma kowe menehana kalawan blaba lan
samangsa menehi, atimu aja mendhekel;
awit marga saka prakara iku Pangeran
Yehuwah, Gusti Allahmu, bakal mberkahi kowe
ing sabarang pagaweanmu lan ing sakehe
pambudi-dayamu. 11 Awitdene mungguh wong
miskin iku salawase bakal tansah ana bae
ing nagara kono; mulane kowe dakprentahi
mangkene: Tanganmu egarna kang amba
marang sadulurmu kang kacingkrangan lan
kang miskin ana ing nagaramu.”

Mardikakake batur tukon Ibrani

15:12-18

12 “Saupama ana sadulurmu wong Ibrani
lanang utawa wadon kang ngedol awake
marang kowe, iku anggone ngenger marang
kowe nganti nem taun lawase, nanging ing
taun kaping pitune lilanana mardika. 13 Dene
samangsa koklilani mardika, aja koklungakake
kalawan legeh bae, 14 sangonana kanthi
loma saka pepanthaning wedhusmu lan saka
panutonmu sarta saka pamipitanmu anggur,
cundhuk karo berkahing Pangeran Yehuwah,
Gusti Allahmu, marang kowe. 15 Kowe padha
elinga yen ing biyen kowe iya padha dadi batur
ana ing tanah Mesir, banjur kowe ditebus
dening Pangeran Yehuwah, Gusti Allahmu,
mulane kowe dakprentahi mangkono ing
dina iki. 16 Nanging saupama baturmu mau
duwe atur marang kowe: Kula boten badhe
medal nilar panjenengan! -- marga wus
tresna marang kowe lan brayatmu, sarta wus
kepenak ana ing panggonanmu, 17 nuli kowe
njupuka uncek, kacoblosna ing godhohing
kupinge tumempel ing lawang, temah dadi
baturmu salawase. Dene baturmu wadon iya
kagawea kaya mangkono uga. 18 Anggonmu
mardikakake baturmu aja kalawan oweling
atimu, awitdene anggone wus ngenger marang
kowe nem taun lawase, iku oleh-olehane tikel
lorone buruh dinan. Dene Pangeran Yehuwah,

Gusti Allahmu, bakal mberkahi sabarang kang koklakoni.”

Bab pembareping raja-kaya

15:19-23

[19] “Sadhengah pembarep lanang kang lair
ana ing antarane sapimu lan wedhusmu, iku
kasengkera kagem Pangeran Yehuwah, Gusti
Allahmu; pembarepe sapimu aja kokanggo
magawe, lan pembarepe wedhusmu aja
kokbathili. [20] Daginge iku panganen ana ing
ngarsane Pangeran Yehuwah, Gusti Allahmu,
saben taun, iya kowe dalah brayatmu ana ing
panggonan kang bakal dipilih dening Pangeran
Yehuwah. [21] Nanging manawa ana cacade
pincang utawa picak, utawa sadhengah cacad
kang ala, iku aja nganti koksaosake marang
Pangeran Yehuwah, Gusti Allahmu. [22] Iku kena
kokpangan daginge ana ing panggonanmu,
wong najis karo kang ora najis padha bae
dipadha kaya yen mangan daging kidang
utawa daging menjangan. [23] Mung getihe aja
kokpangan; iku esokna ing bumi kaya banyu.”

Bab riyaya telu kang gedhe

16:1-17

16 [1] “Kowe elinga sasi Abib lan ngriyayakna
Paskah kagem Pangeran Yehuwah,
Gusti Allahmu; marga ing sasi Abib iku
Pangeran Yehuwah, Gusti Allahmu anggone
ngentasake kowe saka ing tanah Mesir ing

wayah bengi. [2] Ing kono kowe nyembeleha
wedhus lan sapi kanggo kurban Paskah kagem
Pangeran Yehuwah, Gusti Allahmu, ana ing
panggonan kang bakal dipilih dening Sang
Yehuwah kagem padalemaning asmane. [3] Aja
padha mangan sadhengah apa kang mawa
ragi; pitung dina anggonmu kudu mangan roti
tanpa ragi, yaiku rotining kasangsaran, marga
kalawan kesusu anggonmu budhal saka ing
tanah Mesir. Iku supaya sajegmu urip kowe
elinga ing dina budhalmu saka ing tanah Mesir.
[4] Sajrone pitung dina lawase ing sawratane
tlatahmu aja nganti ana ragi; karomaneh
daging sembelehanmu ing dina kapisan wayah
sore iku aja ana kang nginep tumeka esuke.
[5] Kowe ora klilan nyaosake kurban Paskah
ana ing salah sijine panggonan peparinge
Pangeran Yehuwah, Gusti Allahmu, marang
kowe. [6] Nanging anaa ing panggonan kang
bakal dipilih dening Pangeran Yehuwah, Gusti
Allahmu, kagem padalemaning asmane, ana
ing kono anggonmu nyembeleh Paskah lan ing
wayah sore, bareng karo suruping srengenge,
mbarengi wektu budhalmu saka ing tanah
Mesir. [7] Tumuli olahen lan panganen ana ing
panggonan kang bakal dipilih dening Pangeran
Yehuwah, Gusti Allahmu. Sawuse mangkono,
esuke banjur balia menyang tarubmu. [8] Nem
dina lawase kowe mangana roti tanpa ragi lan
ing dina kaping pitune nganakna pakumpulan
gedhe kagem Pangeran Yehuwah, Gusti
Allahmu; kowe aja padha nyambut gawe.

9 Kowe ngetunga pitung minggu; anggonmu
ngetung pitung minggu iku wiwitana nalika
anyak ngeriti gandum kang durung dieneni.
10 Nuli kowe ngriyayakna dina gedhe Riyaya
Pungkasaning Pitung Minggu kagem Pangeran
Yehuwah, Gusti Allahmu, kalawan nyaosake
pisungsung manasuka, miturut anggonmu
kaberkahan dening Pangeran Yehuwah, Gusti
Allahmu. 11 Kowe padha bungah-bungaha
ana ing ngarsane Pangeran Yehuwah, Gusti
Allahmu, iya kowe dalah anakmu lanang lan
wadon, baturmu lanang lan wadon, wong
Lewi kang ana ing panggonanmu, wong
bangsa liya karo bocah lola lan randha kang
ana ing tengahmu, ana ing panggonan kang
bakal dipilih dening Pangeran Yehuwah, Gusti
Allahmu, kagem padalemaning asmane.
12 Elinga yen ing biyen kowe pada dadi batur
ana ing Mesir. Katetepan iki lakonana kalawan
setya.
13 Kowe mahargyaa Riyaya Tancebing Tarub
lawase pitung dina, yaiku samangsa kowe
wus nglebokake pametune panutonmu lan
pamipitan anggur. 14 Ing dina gedhemu iku,
kowe padha bungah-bungaha, iya kowe
dalah anakmu lanang lan wadon, baturmu
lanang lang wadon, apadene wong Lewi lan
wong bangsa liya, bocah lola lan randha
kang padha ana ing antaramu. 15 Pitung dina
lawase anggonmu mahargya riyaya kaya
mangkono iku, kagem Pangeran Yehuwah,
Gusti Allahmu, ana ing panggonan kang
bakal dipilih dening Sang Yehuwah; awitdene

Pangeran Yehuwah, Gusti Allahmu, bakal mberkahi sabarang pametuning lemahmu lan sadhengah pagaweanmu, temah kowe bisa bungah-bungah temenan.
16 Setaun rambah kaping telu, saben wong lanang kang ana ing antaramu sebaa marang ngarsane Pangeran Yehuwah, Gusti Allahmu, ana ing panggonan kang bakal dipilih, yaiku ing dina riyaya Roti Tanpa Ragi, ing Riyaya Pungkasaning Pitung Minggu sarta ing Riyaya Tancebing Tarub. Aja legeh anggonmu seba marang ngarsane Pangeran Yehuwah,
17 nanging saben wong uga nggawaa pisungsung sakuwate, cundhuk karo berkah peparinge Pangeran Yehuwah, Gusti Allahmu, marang kowe."

Bab pangadilan kang adil

16:18-20

18 "Kowe ngangkata hakim-hakim lan tetindhih-tetindhih ana ing kutha-kuthamu kang diparingake dening Pangeran Yehuwah, Gusti Allahmu, marang kowe miturut taler-talermu; iku padha ngakimana bangsa iku kalawan pangadilan kang jejeg.
19 Aja ndhoyongake pangadilan, aja mawang wong, aja nampani besel, marga besel iku mblawurake mripate wong wicaksana sarta nylewengake tembung-tembunge wong kang bener.
20 Kaadilan, iya kaadilan iku kang kudu kokgondheli, supaya kowe lestaria urip sarta

ndarbenana tanah bakal peparinge Pangeran
Yehuwah, Gusti Allahmu, marang kowe.”

Larangan bab brahala lan pisungsung kewan kang cacad

16:21--17:1

21 “Kowe aja nandhur sadhengaha wit
minangka saka brahala sandhing misbyahe
Pangeran Yehuwah Gusti Allahmu, misbyah
kang bakal kokgawe kanggo kowe; 22 lan
iya aja ngadegake tugu brahala, marga iku
disengiti dening Pangeran Yehuwah, Gusti
Allahmu.

17 1 Anggonmu nyaosake kurban sapi
utawa wedhus marang Pangeran
Yehuwah, Gusti Allahmu, aja kang ana cacade,
utawa apa bae kang ala, awit iku jember
kagem Pangeran Yehuwah, Gusti Allahmu.”

Paukuman pati tumrap wong kang nyembah brahala

17:2-7

2 “Saupama ing antaramu, ing salah
sawijining panggonan peparinge Pangeran
Yehuwah, Gusti Allahmu, marang kowe,
ketemu ana wong lanang utawa wadon
kang duwe pokal ala ana ing paningale
Sang Yehuwah, Gusti Allahmu, nerak ing
prasetyane, 3 yaiku lunga ngabekti lan sujud
marang allah liyane, utawa marang srengenge,
rembulan utawa marang sakehe wadya-bala

ing langit, kang wus daklarang, [4] lan manawa prakara iku dikandhakake marang kowe utawa kokrungu wartane, iku nuli titi-priksanen kang tliti, saupama nyata lan genah ana kadadean mangkono, dadi jejember iku mau wus kelakon ana ing antarane wong Israel, [5] wong lanang utawa wadon kang nglakoni duraka iku mau gawanen metu menyang ing gapura; wong lanang utawa wong wadon iku nuli benturana watu nganti mati. [6] Kang kaukum pati iku kudu wewaton ature seksi loro utawa seksi telu; aja nganti kaukum pati mung marga saka ature seksi siji. [7] Tangane seksi iku kang miwitana gumrageh mateni wong iku, sawuse banjur wong sabangsa kabeh. Kaya mangkono anggonmu nyingkirake kang ala saka ing tengahmu."

Pangadilan kang dhuwur dhewe

17:8-13

[8] "Saupama ana sawijining prakara kang kokrasa angel banget pamutuse, upamane: bab raja-pati, bab gugat-ginugat, bab raja-tatu, -- prakara pandakwa ing panggonanmu --, nuli kowe sebaa menyang ing papan kang bakal dipilih dening Pangeran Yehuwah, Gusti Allahmu; [9] yaiku marang para imam wong Lewi lan marang hakim kang ana ing wektu iku lan nyuwuna putusan. Iku kang bakal padha mratelakake putusaning hakim marang kowe. [10] Kowe iya tumuli nglakonana apa kang dadi putusane, saka ing panggonan kang

bakal dipilih dening Sang Yehuwah. Kowe
nglakonana kalawan setya sakehe pituduhe
marang kowe. 11 Kowe tumindaka manut
pituduh kang diwenehake marang kowe lan
manut putusan kang dikandhakake marang
kowe; aja nganti nyimpang mangiwa utawa
manengen saka putusan kang diwenehake
marang kowe. 12 Wong kang kumawani ora
ngestokake dhawuhe imam kang ngadhep
nglakoni ayahane Pangeran Yehuwah, Gusti
Allahmu, utawa marang hakim, wong iku
kaukuma pati. Kaya mangkono anggonmu
nyingkirake kang ala saka ing satengahe
Israel. 13 Wong sabangsa kabeh bakal padha
krungu bab iku, satemah padha wedi lan ora
bakal kumawani maneh.”

Bab kawajibane para ratu

17:14-20

14 “Besuk samangsa kowe wus lumebu ing
nagara kang diparingake dening Pangeran
Yehuwah, Gusti Allahmu, marang kowe, sarta
wus kokejegi lan kokenggoni, mangka kowe
banjur duwe osik: Aku arep ngadegake raja
kang mengku marang aku, kaya sakehe
bangsa kang ana ing saubengku, 15 kang
kokadegake dadi ratu ngamungna kang kapilih
dening Pangeran Yehuwah, Gusti Allahmu;
kang kokadegake dadi ratumu iku kudu saka
ing satengahe para sadulurmu, ora kena
wong bangsa liya kang dudu sadulurmu,
kang kokadegake dadi ratu mengku kowe.

[16] Ratu iku aja nganti ngingu jaran akeh-akeh
lan aja mbalekake bangsa iku menyang ing
tanah Mesir supaya oleh jaran akeh, awitdene
wus ana dhawuhe Sang Yehuwah marang
kowe: Ing tembe sira aja bali ngliwati dalan
iki maneh. [17] Karomaneh garwane iya aja
nganti akeh-akeh, supaya atine aja nyleweng;
iya aja banget-banget anggone kasengsem
marang emas lan salaka. [18] Samangsa wus
kelakon lenggah ing dhamparing keprabon,
banjur gawea layang turunane angger-angger
iki, miturut kitab kang kadarbe dening para
imam lan wong Lewi. [19] Iku tansah anaa
ing sandhinge, sarta diwaosa ing salawase
sugenge, supaya sianua wedi-asih marang
Pangeran Yehuwah, Gusti Allahe, netepi lan
nglampahi angger-angger lan pranatan iki
kabeh, [20] supaya aja nganti ngluhurake awake
dhewe ngungkuli para sadulure, aja nyleweng
saka pepakon, manengen utawa mangiwa,
supaya suwe anggone mrentah, iya dheweke
dhewe lan anak-putune ana ing satengahe
wong Israel."

Pengasilane para imam lan wong Lewi

18:1-8

18 [1] "Anadene para imam wong Lewi lan
sakehe talere Lewi kabeh aja padha
melu nduweni panduman tanah-pusaka
bebarengan karo wong Israel; kang dadi
bageane iya iku kurban genenan kang
konjuk marang Sang Yehuwah lan apa kang

dadi sengkeran kagungane. 2 Aja nduweni
panduman tanah-pusaka ana ing antarane
para sadulure; Sang Yehuwah piyambak kang
dadi ebeke, kaya kang wus dijanjekake.
3 Mungguh kang dadi wewenange para imam
tumrap rakyat yaiku anggone nampani saka
para umat kang padha ngladekake kurban
sembelehan, dadia sapi utawa wedhus,
iku mangkene: imam iku diaturana sampil
ngarep siji, uwange loro apamaneh babate.
4 Wiwitaning panenanmu gandum lan anggur
sarta lenga apadene wiwitaning bathilane
wedhusmu iku iya aturna. 5 Marga Pangeran
Yehuwah, Gusti Allahmu, wus milih wong iku
saka ing antarane sakehe talermu, supaya
tansah ngladeni Sang Yehuwah lan nganakake
pangibadah, iya dheweke lan para anake
salawas-lawase.

6 Manawa ana wong Lewi teka saka ing salah
sawijining kutha kang kalebu tlatah Israel,
iya panggonane neneka, sarta kanthi karepe
dhewe nekani panggonan kang bakal dipilih
dening Sang Yehuwah, 7 lan banjur nganakake
pangibadah atas asmane Pangeran Yehuwah,
Gusti Allahe, padha kaya sadulure wong Lewi
kang padha ngladeni Sang Yehuwah ana ing
kono, 8 iku cadhonge kagawea racak padha,
iku kajaba pepayone anggone ngedol barang
warisane saka leluhure.”

Bab juru tenung lan juru petung

18:9-22

[9] "Samangsa kowe wus lumebu ing nagara
kang diparingake dening Pangeran Yehuwah,
Gusti Allahmu, marang kowe, kowe aja banjur
sinau nglakoni jejember kang ditindakake
dening bangsa-bangsa ing kono. [10] Ing
antaramu aja ana kang ngurbanake anake
lanang utawa wadon srana kaobong, utawa
dadi juru tenung, juru pethek, juru petung,
juru sikhir lan juru gendam, [11] kang olah
japa-mantra, kang njaluk katrangan marang
arwah utawa marang roh memethek, sarta
kang neges marang wong mati. [12] Awitdene
sapa kang nglakoni pratingkah kang kaya
mangkono iku jember ana ing ngarsane Sang
Yehuwah, lan iya marga saka jejember iku
para bangsa mau padha katundung metu saka
ing ngarepmu dening Pangeran yehuwah,
Gusti Allahmu. [13] Uripmu ditanpa cacad
ana ing ngarsane Pangeran Yehuwah, Gusti
Allahmu. [14] Sabab para bangsa kang tanahe
arep kokejegi iku padha neges marang juru
tenung lan juru pethek, nanging kowe iku ora
diparengake dening Pangeran Yehuwah, Gusti
Allahmu, nindakake kang kaya mangkono
mau. [15] Ana nabi kang saka ing tengahmu,
saka ing antarane para sadulurmu kaya aku iki,
bakal diadegake dening Pangeran Yehuwah,
Gusti Allahmu, kanggo kowe, yaiku kang
kudu kokestokake. [16] Cocog karo apa kang

koksuwun marang Pangeran Yehuwah, Gusti
Allahmu, ing biyen ana ing gunung Horeb,
mbeneri kumpulan pangibadah, aturmu:
Sampun ngantos kula mireng sabdanipun
Pangeran Yehuwah, Gusti Allah, kula malih,
sarta sumerep latu ageng punika, supados
kula sampun ngantos nemahi pejah. [17] Sang
Yehuwah banjur ngandika marang aku: Apa
kang diucapake iku becik. [18] Nabi kang saka
ing antarane pada kadange kaya sira iku
bakal Sunangkat kanggo wong-wong iku,
sarta pangandikaningSun bakal Sundekek
ing lesane, sarta apa kang Sunprentahake
iku bakal dilairake marang wong-wong
mau. [19] Sapa wong kang ora ngestokake
ing pangandikaningSun kang bakal dilairake
dening nabi iku demi asmaningSun, iku mesthi
Sunpundhut tanggung-jawabe. [20] Nanging
nabi kang kuwanenen ngucapake pitutur
atas asmaningSun, mangka dudu Ingsun
kang ndhawuhi ngucapake, utawa kang duwe
pitutur atas jenenge allah liyane, nabi kaya
mangkono iku poma kaukuma pati.
[21] Saupama kowe duwe osik ing sajroning
atimu: Kapriye bisaku ngerti marang pitutur
kang dudu dhawuhe Sang Yehuwah. [22] Iku
mangkene: Endi kang diucapake dening
nabi atas asmane Sang Yehuwah, mangka
tembunge iku ora kelakon lan ora netes,
iku pitutur kang dudu dhawuhe Pangeran
Yehuwah; nabi mau kuwanenen anggone
ngucapake, aja wedi karo wong kang kaya
mangkono iku.”

Kutha-kutha pangungsen

19:1-13

19 [1] “Besuk samangsa Pangeran Yehuwah,
Gusti Allahmu, wus numpes bangsa-
bangsa kang nagarane diparingake marang
kowe dening Sang Yehuwah, Gusti Allahmu,
sarta kowe wus ngejegi wilayahe lan padha
ngenggoni kutha-kuthane lan omah-omahe,
[2] kowe banjur miliha kutha telu ing nagara
peparinge Pangeran Yehuwah, Gusti Allahmu,
kang kokejegi iku. [3] Dalane tetepna dohe,
lan tlatahe tanah kang diparingake dening
Pangeran Yehuwah, Gusti Allahmu, marang
kowe dadia darbekmu iku perangen dadi
telu, supaya saben wong kang gawe pati
bisaa ngungsi mrono. [4] Anadene mungguh
wong gawe pati kang ngungsi mrono supaya
bisaa lestari urip, iku pathokane mangkene:
Wong kang njalari patine pepadhane tanpa
kajarag, lan ora duwe sengit marang wong
mau ing sadurunge, [5] kayata: Ana wong
lumebu ing alas karo kancane arep negor
kayu, nalika tangane mbabitake wadunge arep
negor kayu, wesine wadung mlesat saka ing
garane, ngenani kancane, temah mati; iku
nuli ngungsia menyang salah sijine kutha iku
mau kareben tetep urip. [6] Supaya waris pulih
getih iku ing sajrone panas atine, anggone
mburu marang wong kang gawe pati mau
arep dicekel lan dipateni aja nganti ketututan,
marga lete adoh, mangka kang gawe pati

mau ora sapatute nampani paukuman pati,
marga mau-maune pancen ora nduweni rasa
sengit. 7 Mulane kowe dakprentahi mangkene:
Mijekna kutha telu. 8 Karodene samangsa
Pangeran Yehuwah, Gusti Allahmu, ing tembe
wus ngelar jajahanmu, kaya kang wus dadi
prasetyane kanthi supaos marang para
leluhurmu, sarta kowe wus diparingi sakehe
tanah kang wus diprasetyakake marang
para leluhurmu iku mau; 9 -- anggere kowe
nglakoni pepakon iki kalawan temen-temen,
iya kang dakprentahake marang kowe ing
dina iki, apamaneh nresnani marang Pangeran
Yehuwah, Gusti Allahmu, lan tansah ngambah
dalan pitedahe --, kutha telu mau banjur
wuwuhana telu maneh, 10 supaya aja ana
getihe wong kang resik kawutahake ana ing
nagara kang diparingake dening Pangeran
Yehuwah, Gusti Allahmu, marang kowe dadi
darbekmu, temah kowe dadi kapotongan
getih.
11 Balik manawa ana wong kang sengit
marang pepadhane, sarta dhedhemitan
ngenteni kang disengiti iku, wasana kelakon
ditempuh lan dikepruk nganti mati, sawuse
mangkono nuli lumayu ngungsi menyang
salah sijine kutha iku mau, 12 ing kono para
tuwa-tuwane nagara kongkonana nyekel
wong mau saka ing kono, banjur dipasrahna
marang tangane si waris pulih getih supaya
kapatenana. 13 Wong kang kaya mangkono
iku aja kokwelasi. Kaya mangkono anggonmu

ngilangi getihe wong kang resik saka ing Israel, supaya kowe ginanjara slamet.”

Larangan ngelih pathok wates tanah

19:14

14 “Kowe aja nganti ngelih pathok watesing lemahe pepadhamu kang wus ditetepake dening wong-wong biyen ing tanah-pusaka kang bakal dadi duwekmu ana ing nagara kang diparingake Pangeran Yehuwah, Gusti Allahmu, marang kowe supaya dadi darbekmu.”

Bab seksi

19:15-21

15 “Seksi iku manawa mung siji ora kena kanggo nggugat marang wong bab prakara kaluputan apa bae utawa dosa kapriye bae kang bokmanawa dilakoni. Bisane prakara dianggep sah mung landhesan ature seksi loro utawa seksi telu.
16 Saupama ana seksi cidra ndakwa marang
wong bab salah sawijining panerak, 17 wong
loro kang para-padu iku kasebakna ana ing ngarsane Sang Yehuwah, ing ngarepe para imam lan para hakim kang ana ing wektu
iku. 18 Para hakim mau banjur niti-priksaa
kang tliti, dene saupama katitik paseksine iku palsu lan pandakwane goroh marang sadulure,
19 wong iku patrapana kaya kang dadi karepe
kang arep ditandukake marang sadulure. Kaya mangkono anggonmu kudu nyingkirake kang

ala saka ing tengahmu. [20] Supaya wong-wong
liyane kang padha krungu wartane padha
wedi, temah sabanjure ora nganti ana maneh
kang nglakoni kadursilan kaya mangkono iku
ana ing tengahmu. [21] Wong kaya mangkono
iku aja kokwelasi, sabab kudu tumindak,
nyawa walese nyawa, mata walese mata, untu
walese untu, tangan walese tangan lan sikil
walese sikil."

Angger-anggering perang

20:1-20

20 [1] "Manawa kowe nglurug perang
nglawan mungsuhmu, mangka kowe
weruh ana jaran lan kreta, yaiku wadya-bala
kang kehe ngungkuli kowe, kowe aja
wedi, amarga Pangeran Yehuwah, Gusti
Allahmu, kang wus ngentasake kowe saka
ing tanah Mesir iku nunggil karo kowe.
[2] Anadene samangsa kowe arep padha
mangsah perang, salah sijine imam banjur
majua mituturana marang wadya-bala, [3] iku
dikandhanana mangkene: He wong Israel,
padha ngrungokna, kowe saiki arep perang
nglawan mungsuhmu, atimu aja lembek,
aja wedi, iya aja miris lan aja gumeter,
[4] marga Pangeran Yehuwah, Gusti Allahmu,
kang tindak nyarengi lakumu lan nyarirani
perangmu nglawan mungsuhmu, awit karsane
arep maringi kaunggulan marang kowe.
[5] Para panggedhe tumuli mituturana
marang wadya-balane mangkene: supaya

panunggalanmu kang mentas ngadegake
omah anyar, nanging durung nganti ngenggoni,
iku mundura, muliha menyang ing omahe,
supaya manawa mati ana ing paprangan,
aja nganti omahe mau dienggoni wong liya.
6 Lan sapa panunggalanmu kang mentas
gawe pakebonan anggur, mangka durung
nganti mangan wohe, iku mundura muliha
menyang ing omahe, supaya manawa mati
ana ing paprangan, aja nganti wohe dipangan
wong liya. 7 Lan panunggalanmu kang wus
pacangan karo wong wadon, mangka durung
nganti kaningkah, iku kena mundur mulih
menyang ing omahe, bokmanawa mati ana ing
paprangan, aja nganti wong liya kang ningkah.
8 Sawuse mangkono para panggedhe mau
nyambungana pitembungane marang para
prajurite mangkene: Sapa panunggalanmu
kang wedi lan lembek atine iku mundura
muliha menyang ing omahe, supaya atine
para sadulure aja nganti ajur luluh kaya
atine wong iku. 9 Sawuse para panggedhene
prajurit rampung anggone mituturi marang
wadya-balane, banjur miliha tetindhihing
wadya-bala kang padha ngirid lakune para
prajurit.

10 Samangsa kowe nyedhaki salah sawijining
kutha arep koktempuh, ing sakawit kowe
ngajaka bedhamen. 11 Samangsa kutha iku
gelem nampani pangajakmu bedhamen lan
kowe diwengani gapura, sakehe wong isine
padha dadekna wong nyangga karya kanggo
kaperluanmu, lan sabanjure padha ngawulaa

marang kowe. [12] Nanging manawa kutha iku
ora gelem bedhamen karo kowe, malah kowe
dilawan perang, kuthane nuli kepungen; [13] lan
sawuse Pangeran Yehuwah, Gusti Allahmu,
masrahake kutha iku marang tanganmu,
banjur sakehe wong isine kang lanang padha
patenana kalawan landheping pedhang;
[14] mung kang wadon lan bocah-bocah; kewane
sarta sabarang kang ana ing kutha iku, yaiku
jarahane kabeh, iku kena kokepek dhewe,
lan jarahan saka mungsuhmu kang wus
diparingake dening Pangeran Yehuwah, Gusti
Allahmu, iku kena kokpigunakake. [15] Kaya
mangkono kang kudu koktandukake marang
sakehe kutha kang adoh banget prenahe saka
ing panggonanmu, kang dudu panunggalane
kutha-kuthane bangsa-bangsa ing kene iki.
[16] Nanging kutha-kuthane bangsa-bangsa
kang diparingake dening Pangeran Yehuwah,
Gusti Allahmu, marang kowe minangka
tanah-pusakamu, iku sakehe kang mawa
ambekan aja ana kang kokuripi, [17] nanging
tumpesen babar pisan, yaiku wong Het, wong
Amori, wong Kanaan, wong Feris, wong Hewi
lan wong Yebus, kaya kang wus dadi dhawuhe
Pangeran Yehuwah, Gusti Allahmu, marang
kowe, [18] supaya kowe aja nganti padha
diwuruki niru marang sakehe jejember kang
padha dilakoni kanggo allahe, temah kowe
padha dosa marang Pangeran Yehuwah, Gusti
Allahmu.

[19] Saupama anggonmu merangi sawijining
kutha nganti suwe anggonmu ngepung arep

kokrebut, wit-witan ing saubenge kutha aja
kokrusak srana koktamani wadung; wohe
kena kokpangan, nanging wite aja koktegori;
wit-witan ing ara-ara iku rak dudu manungsa,
dadi ora patut melu kokkepung. [20] Mung
wit-witan kang wohe ora kena dipangan iku
kena kokrusak lan koktegori, kanggo gawe
pager pangepunganing kutha kang nglawan
marang kowe, nganti kutha iku bedhah."

Bab nganakake pirukun marga saka anane raja-pati kang samar

21:1-9

21 [1] "Saupama ing tanah kang diparingake
dening Pangeran Yehuwah, Gusti
Allahmu, marang kowe minangka darbekmu,
ana wong mati marga dipateni ana ing ara-ara,
tanpa kaweruhan sapa kang mateni, [2] ing kono
para tuwa-tuwamu lan para hakimmu padha
metua sarta ngukur dohe panggonaning pepati
mau tekan ing kutha-kutha saubenge. [3] Kutha
kang nyata cedhak dhewe karo panggonane
pepati mau, para tuwa-tuwane kutha iku
njupuka sapi wadon nom siji, kang durung
tau dimagawekake, iya durung tau nggered
kalawan dietrapi pasangan. [4] Sapi iku banjur
digawaa dening para tuwa-tuwa mau menyang
sawijining lebak kang tansah ana banyune,
kang durung tau digarap utawa disebari;
sapi nom mau tumuli ditugela cengele ana
ing kono, ana ing lebak kono. [5] Para imam
bani Lewi banjur padha majua, awitdene

iku kang padha dipilih dening Pangeran
Yehuwah, Gusti Allahmu, supaya padha
ngladeni Panjenengane lan andum berkah atas
asmane Sang Yehuwah; sarta karampungane
sadhengah para-padu lan sadhengah raja-tatu
iku mituruta ing putusane. 6 Sakehe para
tuwa-tuwane kutha kang cedhak dhewe karo
panggonane pepati iku tumuli padha wisuha
tangane ing sadhuwure sapi kang katugel
cengele ana ing lebak mau, 7 sarta padha
nglairna katrangan mangkene: Sanes tangan
kawula ingkang ngwutahaken rah punika, saha
mripat kawula boten nyumerepi. 8 Paduka mugi
karsaa ngawontenaken pirukun kangge umat
Paduka Israel, ingkang sampun Paduka tebus
punika; dhuh Yehuwah, umat Paduka Israel
mugi sampun ngantos Paduka dhawahi rahipun
tiyang ingkang boten lepat. Margi saking rah
punika lajeng sampun dipun wontenaken
pirukun kangge tiyang-tiyang punika. 9 Kaya
mangkono anggonmu mbirat getihe wong
kang ora salah saka ing tengahmu, marga
srana patrap mangkono kowe nglakoni kang
bener ana ing paningale Sang Yehuwah.”

Tawanan wadon kang diepek bojo

21:10-14

10 “Manawa kowe nglurug perang nglawan
mungsuhmu, sarta iku padha diulungake
dening Pangeran Yehuwah, Gusti Allahmu,
marang ing tanganmu, lan kokdadekake
tawanan, 11 mangka ing antarane wong-wong

mau kowe weruh ana wong wadon kang
ayu rupane, temah kowe kepengin arep
ngepek wong wadon iku dadi somahmu,
12 wonge banjur gawanen lumebu ing
omahmu, wong wadon iku tumuli nyukura
rambute lan ngethokana kukune, 13 cuculana
sandhangane kang dianggo nalika katawan,
banjur manggona ana ing omahmu kalawan
nangisi bapa-biyunge sasasi lawase. Sawuse
mangkono lagi kena kokcedhaki, temah
kowe dadi bojone lan wong wadon iku dadi
bojomu. 14 Anadene samangsa wong wadon
mau wus ora koksenengi, nuli lilanana lunga
ing sasenenging atine; poma aja kokedol
nganggo bayaran dhuwit, iya ora kena
kokrengkuh kayadene batur, marga wong iku
wus kokpeksa.”

Bab wewenanging pambarep

21:15-17

15 “Saupama ana wong kang duwe rabi loro,
kang siji ditresnani, sijine ora ditresnani,
mangka karo-karone padha nglairake anak
lanang, yaiku wong wadon kang ditresnani lan
kang ora ditresnani, mangka kang pambarep
iku patutan karo kang ora ditresnani,
16 nalika wong mau andum warisan marang
anak-anake, ora kena menehake wewenanging
anak pambarep marang anake somah kang
ditresnani, marga manawa mangkono iku bakal
ngrugekake anake somah kang ora ditresnani
awit iku kang pambarep. 17 Anake somah

kang ora ditresnani kang dadi pambarep iku diakonana lan kudu dipandumi warisan rong bagean saka saduweke kabeh, awitdene iku kang dadi wiwitaning kakuwatane, iya kang kebener nduweni wewenang pembarep."

Bab anak kang duraka

21:18-21

18 "Manawa ana wong kang duwe anak lanang wangkal lan wangkot kang ora mbangun-turut marang pituture bapa lan biyunge, sanadyan wus dipethes, iya meksa ora ngrewes,
19 bocah iku diladekna dening bapa-biyunge marang para tuwa-tuwane kutha kono ana ing gapuraning papan panggonane, 20 banjur
padha matura marang tuwa-tuwane kutha: Anak kula punika wangkal lan wangkot, boten ngrewes dhateng tembung-tembung kula, tansah mbruwah sarta remen endem-endeman. 21 Anak mau tumuli dibenturana
watu dening sakehe wong isining kutha nganti mati. Kaya mangkono anggonmu nyingkirake kang ala saka ing tengahmu; lan wong Israel kabeh bakal padha krungu lan padha dadi wedi."

Bab pangubure wong kang kaukum pati

21:22-23

22 "Manawa ana wong nglakoni dosa kang kebener kaukum pati, sarta kelakon dipateni, nuli kokgantung ing saka, 23 jisime aja nganti

nginep gumantung ing saka mau, nanging
poma kakubura ing dina iku uga; awitdene
wong kang kagantung iku kena ing laknate
Gusti Allah; kowe aja nganti najisake tanah
kang diparingake Pangeran Yehuwah, Gusti
Allahmu, marang kowe dadi duwekmu."

Bab tulung-tinulung

22:1-4

22 1 "Manawa kowe weruh sapi utawa
wedhuse sadulurmu ketriwal, kowe aja
ethok-ethok ora weruh, nanging mesthi kudu
kokulihake menyang panggonane sadulurmu.
2 Dene manawa panggonane sadulurmu
iku ora cedhak, utawa kowe ora sumurup
sapa kang duwe, kewan iku nuli lebokna
ing kandhangmu lan cikben ana ing kono,
nganti digoleki dening sadulurmu, banjur
kudu kokbalekake.
3 Mangkono uga tindakmu
tumrap kuldine sadulurmu lan iya mangkono
tumrap sandhangane, iya mangkono tumrap
sabarang duweke sadulurmu kang ilang lan
koktemu, aja nganti kowe ethok-ethok ora
ngerti.
4 Manawa kowe weruh kuldi utawa sapine
sadulurmu ambruk ana ing dalan, aja nganti
kowe rewa-rewa ora weruh, poma sadulurmu
iku rewangana nangekake."

Pranatan warna-warna

22:5-12

5 “Wong wadon aja nganggo sandhangan
wong lanang lan wong lanang aja nganggo
sandhangan wong wadon, sabab sapa sing
nglakoni mangkono iku dadi jember tumrap
ing Pangeran Yehuwah, Gusti Allahmu.
6 Manawa kowe mrangguli susuh manuk ana
ing dedalan, ana ing wit utawa ing lemah,
isi anak utawa endhog, mangka embokne
lagi ngengremi anake utawa endhoge,
iku embokne aja nganti kokjupuk dalah
anak-anake. 7 Saora-orane embokne uculna,
mung anake bae kena kokjupuk; iku supaya
kowe ginanjara slamet lan umur dawa.
8 Manawa kowe ngadegake omah anyar,
payone omahmu iku gawekna pager, supaya
omahmu iku aja nganti kapotangan getih,
saupama ana wong tiba saka ing kono.
9 Pakebonanmu anggur aja koksebari wiji
rong warna, supaya pametune wiji kang
koksebar lan pametune pakebonan anggur
iku aja nganti tumiba ing papan pasucen.
10 Anggonmu mluku aja nganggo sapi sisihan
karo kuldi. 11 Kowe aja nganggo sandhangan
tenunan kang bakale rong warna, yaiku wulu
wedhus karo lena.
12 Jarit kang nutupi awakmu iku pasangana
tali plintiran ing pojoke papat pisan.”

Tatanan ningkah

22:13-30

[13] “Manawa ana wong lanang kang ngepek
bojo, mangka sawuse sapaturon banjur
disengiti, [14] sarta didakwa nglakoni pratingkah
kang ora patut, diala-ala jenenge, pangucape:
Wong wadon iki dakpek bojo, nanging bareng
sapaturon, ora ana tandha-tandhane yen
isih prawan; [15] ing kono bapa-biyunge bocah
wadon mau padha njupuka tandhane prawan
bocah iku, ditudunna marang tuwa-tuwane
kutha ana ing gapura. [16] Bapakne bocah
wadon mau tumuli matura marang para
tuwa-tuwa iku: Kula sampun nyukakaken anak
kula estri dhateng tiyang jaler punika dados
semahipun, nanging lajeng dipun sengiti,
[17] kaliyan malih, kauningana, tiyang jaler
punika ndakwa anak kula nglampahi pandamel
ingkang kirang pantes, pangucapipun: Anak
sampeyan punika kula yektosi boten wonten
tandhanipun manawi taksih prawan. Mangka
punika tandhanipun manawi anak kula taksih
prawan, jarite banjur dijerenga ana ing
ngarepe tuwa-tuwane kutha. [18] Wong lanang
mau tumuli dicekela dening para tuwa-tuwane
kutha kono sarta dirangketa, [19] apadene
didhendhaa satus sekel salaka, ditampakna
marang bapakne bocah wadon, awit wong
lanang mau wus ngalakake jenenge prawan
ing Israel; apamaneh wong wadon mau tetepa

dadi somahe, ora kena ditundhung sajege
urip.
20 Nanging manawa pandakwa mau bener,
tegese: bocah wadon iku pancen wus dudu
prawan, 21 ing kono bocahe banjur digawaa
metu menyang ing ngarepe lawanging omahe
bapakne, tumuli dibenturana watu dening
wong saisining kuthane, nganti mati, awit
wus gawe kuceme wong Israel, dene laku
jina ana ing omahe bapakne. Kaya mangkono
anggonmu kudu nyingkirake kang ala saka ing
tengahmu.
22 Manawa ana wong lanang ketemu awor
turu karo wong wadon kang duwe bojo,
karo-karone padha kaukuma pati, iya kang
lanang kang nuroni wong wadon mau, iya
kang wadon. Kaya mangkono anggonmu kudu
nyingkirake kang ala saka ing tengahmu.
23 Manawa ana bocah wadon isih prawan
kang wus duwe pacangan, ketemu karo
wong lanang ana ing kutha, banjur dituroni,
24 sakaro-karone padha gawanen menyang
gapuraning kutha kono, lan padha kabenturana
watu nganti mati; si prawan, awit sanadyan
ana ing kutha kok ora bengok-bengok, lan
kang lanang mau, marga ngrusuhi somahe
pepadhane. Kaya mangkono anggonmu
nyingkirake kang ala saka ing tengahmu.
25 Nanging manawa wong lanang mau ketemu
bocah wadon kang wus pacangan iku ana
ing ara-ara, banjur diroda-peksa lan dituroni
dening wong mau, kang kaukum pati mung
wonge lanang dhewe, kang nuroni mau;

26 bocahe wadon aja kokkapak-kapakake.
Bocah prawan iku ora ana dosane kang laras
karo paukuman pati, marga prakara iku padha
kaya manawa ana wong dirampog pepadhane
lan dipateni. 27 Sarehne anggone ketemu ana
ing ara-ara, mulane sanadyan bocah wadon
kang wus pacangan mau bengok-bengok,
nanging ora ana kang mitulungi.
28 Manawa ana wong lanang ketemu bocah
wadon isih prawan lan durung pacangan,
mangka banjur dicandhak lan dipeksa dituroni,
sarta tumuli konangan, 29 wong lanang kang
nuroni iku banjur menehana dhuwit seket
sekel salaka marang bapakne bocah wadon,
lan iku tumuli dadia somahe, marga wus
diroda-peksa; kang wadon mau ora kena
dipegat sajege urip.
30 Wong lanang ora kena njupuk somahe
bapakne, ora kena ngungkabi jarite bapakne."

Wong kang ora klilan lumebu ing pasamuwane Sang Yehuwah

23:1-8

23 1 "Wong kang pringsilane remuk, utawa
kang kawirangane kapagas, iku ora
kena lumebu ing pasamuwane Sang Yehuwah.
2 Anak jadah ora kena lumebu ing
pasamuwane Sang Yehuwah, nganti turun
kang kaping sapuluh iya ora kena lumebu ing
pasamuwane Sang Yehuwah.
3 Wong Amon lan Moab ora kena lumebu
ing pasamuwane Sang Yehuwah, malah

turune kang kaping sapuluh iya ora kena
lumebu ing pasamuwane Sang Yehuwah
salawas-lawase; 4 awit padha ora mapag
marang kowe kalawan nyuguh roti lan banyu
nalika kowe padha lumaku metu saka ing
tanah Mesir, apadene marga anggone ngopahi
Bileam bin Beor saka ing Petor ing tanah
Aram-Mesopotamia, supaya nglawan kowe,
yaiku supaya ngipat-ipati kowe. 5 Nanging
Pangeran Yehuwah ora karsa nyembadani
marang Bileam, malah ipat-ipate diwalik
dening Pangeran Yehuwah, Gusti Allahmu,
dadi berkah awit Pangeran Yehuwah. Gusti
Allahmu, ngasihi marang kowe. 6 Bangsa loro
mau aja kokarah tentreme lan becike, sajegmu
urip nganti salawas-lawase.
7 Bangsa Edom iku aja kokanggep jember,
awit iku sadulurmu. Wong Mesir iya aja
kokanggep jember, marga kowe biyen padha
dadi wong neneka ana ing nagarane. 8 Bocah
kang lair saka wong-wong iku turune kang
kaping telu kena lumebu ing pasamuwane
Sang Yehuwah."

Bab resike pakemahan

23:9-14

9 "Manawa kowe maju karo balamu nglurug
perang nglawan mungsuhmu, kowe kudu
njaga awakmu, nyingkirana samubarang kang
nistha. 10 Manawa ing antaramu ana wong
lanang kang najis marga saka sadhengah
kedadean ing bengine, iku metua menyang

sajabane pakemahan, aja nganti lumebu ing
pakemahan; 11 bareng ngarepake sore adusa,
sarta sasurupe srengenge klilan lumebu ing
pakemahan.
12 Ing sajabane pakemahan anaa panggonan,
perlu kanggo bebuwang. 13 Ing antarane
pirantimu anaa cethoke kanggo gawe cluwekan
samangsa kowe arep bebuwang, lan kanggo
ngurugi sesukermu iku. 14 Awitdene Pangeran
Yehuwah, Gusti Allahmu, tansah tindak ana
ing satengahing pakemahanmu prelu ngluwari
kowe lan ngulungake mungsuhmu marang
kowe; mulane pakemahanmu iku kudu suci,
aja nganti Sang Yehuwah mirsa apa bae kang
ora pantes ana ing antaramu, temah banjur
mengker nilar kowe.”

Bab kawelasan marang batur kang minggat

23:15-16

15 “Batur tukon kang minggat saka
ing bendarane ngungsi menyang ing
panggonanmu, iku aja kokpasrahake bali
marang bendarane, 16 kareben manggon amor
kowe ana ing tengahmu, ing panggonan kang
dipilih ana ing salah sawijining panggonanamu
kang dikira becik; aja koktindhes.”

Larangan tumrap wong tuna-susila ana ing panggonan suci

23:17-18

[17] "Ing antarane para bocah wadon ing Israel
aja ana kang dadi sundel-pangibadah; lan
ing antarane wong lanang ing Israel aja ana
kang dadi jindik-pangibadah. [18] Opahe wong
tuna-susila sarta dhuwit opahane pajindikan
aja nganti koklebokake ing pedalemane
Pangeran Yehuwah, Gusti Allahmu, kanggo
netepi salah sawijining nadar; awitdene iku
jember tumraping Pangeran Yehuwah, Gusti
Allahmu."

Aja njaluk anakan karo wong tunggal bangsa

23:19-20

[19] "Aja njaluk anakan marang padha sadulur;
dadia anakane dhuwit utawa bahan pangan
utawa apa bae kang kena dianakake. [20] Wong
bangsa liya iku kena kokjaluki anakan,
nanging sadulurmu aja kokjaluki, supaya
kowe diberkahana dening Pangeran Yehuwah,
Gusti Allahmu, mungguh sabarang apa kang
koktandangi ana ing nagara kang kokleboni
lan bakal kokejegi."

Bab punagi

23:21-23

21 "Manawa kowe ngunjukake punagi marang
Pangeran Yehuwah, Gusti Allahmu, anggonmu
ngluwari aja pijer semaya, awitdene Pangeran
Yehuwah, Gusti Allahmu, mesthi bakal nagih
marang kowe, temah bakal dadi kaluputanmu.
22 Nanging manawa kowe ora nglairake punagi,
iku kowe ora bakal nandhang dosa. 23 Apa
kang kawetu saka ing lambemu, iku tetepana
kalawan setya, amarga kalawan manasuka
anggonmu nglairake nadar ana ing ngarsane
Pangeran Yehuwah, Gusti Allahmu, bab kang
wus kokucapake kalawan cangkemmu dhewe."

Bab methik woh anggur lan wulen gandum ing lemahe wong liya

23:24-25

24 "Manawa kowe liwat ing pakebonan anggur
duweke pepadhamu kowe kena mangan wohe
anggur sawaregmu, mung bae aja koklebokake
ing wadhahmu. 25 Manawa kowe ngliwati
pagandumane pepadhamu kang durung
dieneni, kowe kena methik wewulene kalawan
tanganmu, mung aja nganti namakake arit
marang gandume pepadhamu iku."

Bab pegatan

24:1-5

24 [1] “Manawa ana wong njupuk wong
wadon sarta wus dadi bojone, mangka
sawuse iku wong wadon mau ora ndadekake
senenging atine maneh, sabab kabukten ana
tindake kang ora pantes, wong mau banjur
nulisa layang pegat lan diwenehna marang
wong wadon iku, nuli dilungakna saka ing
omahe. [2] Anadene samangsa wus kelakon
lunga saka ing omahe, banjur diepek somah
dening wong liya, [3] mangka bojone kang kari
iku iya ngemohi, banjur iya digawekake layang
pegat lan dipasrahake marang wong wadon
mau, tumuli dilungakake saka ing omahe,
utawa manawa bojone kang kari kang ngepek
wong wadon mau mati, [4] ing kono bojone
kang dhisik kang wus megat iku ora kena
balen karo wong wadon iku, sawuse wong
wadon iku kelakon dirusuhi; awitdene patrap
mangkono iku dadi jember ana ing ngarsane
Sang Yehuwah. Nagara kang diparingake
dening Pangeran Yehuwah, Gusti Allahmu,
marang kowe minangka tanah-pusakamu iku
aja kokdadekake nandhang dosa.

[5] Manawa ana wong kang mentas bae rabi,
iku aja bareng karo wadya-bala melu nglurug
perang, lan iya aja diwenehi sadhengaha
pagawean, sajrone setaun dibebasna kanggo
kaperluaning omahe, supaya ndadekna
senenge kang wadon kang wus dadi bojone.”

Bab ngayomi pepadhane

24:6-22

[6]“Aja nggadhe piranti panggilingan, dadia
mung watune kang kanggo tindhih, awit tindak
mangkono iku dadi nggadhe nyawane wong.
[7]Manawa ana wong konangan nyulik
panunggalane sadulure, yaiku wong Israel,
banjur direngkuh kaya batur tukon utawa
diedol, wong kang nyulik iku kaukuma pati.
Kaya mangkono anggonmu nyingkirake kang
ala saka ing tengahmu.
[8]Diprayitna ing bab lelara saraat, dienggal
tindakna sakehing piwulange para imam
bani Lewi marang kowe; apa kang wus
dakprentahake marang para imam, iku
lakonana kanthi temen-temen. [9]Elinga apa
kang wus ditandukake dening Pangeran
Yehuwah, Gusti Allahmu, marang Mbakyu
Miryam ana ing dedalan nalika kowe mentas
saka ing tanah Mesir.
[10]Manawa kowe nyilihi apa-apa marang
pepadhamu, anggonmu golek kang kanggo
cekelan iku aja kalawan lumebu ing omahe.
[11]Kowe ngentenana ana ing jaba bae, nuli
wong kang koksilihi iku ngetokna barang
cekelane ana ing ngarepmu. [12]Saupama iku
wong miskin barang cekelane aja kokanggo
turu; [13]ing wayah suruping srengenge barang
cekelan mau balekna marang kang duwe,
supaya iku turu kalawan kemulan jubahe
dhewe, sarta andum berkah marang kowe.

Patrap mangkono iku bakal kaetung dadi
kabeneranmu ana ing ngarsane Pangeran
Yehuwah, Gusti Allahmu.
14 Kowe aja nindhes marang buruh dinan
kang mlarat lan nandhang sangsara, dadia iku
sadulurmu utawa bangsa liya kang ana ing
nagaramu lan ing sajroning panggonanmu.
15 Ing dina iku uga sadurunge srengenge
surup, buruhane dinan kawenehna, awit wong
iku mlarat lan mesthi ngarep-arep opahane;
supaya wong iku aja nganti sesambat marang
Sang Yehuwah bab kowe, temah iku dadi dosa
tumrap kowe.
16 Aja nganti ana bapa kang diukum pati
marga saka anake, lan uga aja nganti ana
anak kang diukum pati marga saka bapakne;
saben wong kaukuma pati mung marga saka
dosane dhewe.
17 Kowe aja nyahak wewenange wong
bangsa liya lan bocah lola; lan aja nggadhe
sandhangane randha.
18 Elinga yen ing biyen
kowe uga dadi batur ana ing tanah Mesir,
mangka Pangeran Yehuwah, Gusti Allahmu,
kang ngluwari kowe saka ing kono; mulane
kowe dakkon nglakoni prakara iku.
19 Samangsa kowe wus ngeneni pategalanmu,
mangka ana bentelan siji kang kari ana ing
pategalan, kowe aja mbaleni njupuk, iku
dadia bageane wong neneka lan bocah lola
sarta randha, supaya Pangeran Yehuwah,
Gusti Allahmu, mberkahana kowe ing
sapagaweanmu kabeh.
20 Samangsa kowe
ngundhuhi witmu jaitun sarana kokgepyoki,

aja ngasagi ing pang-pange maneh; iku dadia
bageane wong neneka lan bocah lola sarta
randha. [21] Samangsa kowe nglumpukake
pametune pakebonanmu anggur, aja ngasagi
kekarene, iku dadia bageane wong neneka
lan bocah lola sarta randha. [22] Elinga yen ing
biyen kowe uga padha dadi batur ana ing
tanah Mesir, mulane kowe dakkon nglakoni
prakara iku."

Nglawan tindak sawenang-wenang

25:1-4

25 [1] "Yen ana wong para-padu sawatara
kang padha seba marang pangadilan
nyuwun adil, kang bener iya dibenerna
lan kang luput kaukuma. [2] Dene saupama
kang luput iku patut kaukum gebug, hakim
nuli akona wong mau mangkureb, banjur
mrentahna nggebugi ana ing ngarepe,
cacahing panggebuge gumantung gedhe-
ciliking kaluputane. [3] Panggebuge aja luwih
saka kaping patang puluh; supaya sadulurmu
iku aja nganti asor ana ing pandelengmu,
manawa panggebuge luwih saka samono.
[4] Kowe aja mbrangus cangkeme sapi kang
lagi dianggo nggiling."

Bab omah-omah karo sadulure bojone kang wus tinggal donya

25:5-10

[5] "Manawa ana sadulur lanang padha
manggon tetunggalan, mangka kang siji mati
ora tinggal anak lanang, ing kono randhane
kang mati mau aja omah-omah karo wong
liya kang dudu kulawargane, nanging sadulure
kang lanang iku kang wajib ngepek bojo,
lan kalawan mangkono dadine nindakake
kawajibaning ningkah ipe. [6] Banjur anak
lanang pembarep kang lair iku dianggepa
anake sadulure kang wus mati, supaya
jenenge aja nganti cures saka ing antarane
wong Israel, [7] nanging saupama wong iku
ora seneng ngepek ipene mau, ipene tumuli
ngadhepa marang para tuwa-tuwa ana ing
gapura sarta matura: Ipe kula boten purun
nggesangaken namaning sadherekipun wonten
ing Israel, boten purun netepi kawajiban
ningkah ipe dhateng kula. [8] Ing kono para
tuwa-tuwane kutha ngundanga ipe kang
mbangkang mau sarta dipituturana; dene
saupama meksa emoh sarta matur: Kula boten
remen mendhet semah tiyang punika, [9] banjur
dicedhakana dening tilas bojone sadulure iku
ana ing ngarepane para tuwa-tuwa, dicopota
trumpahe lan raine diidonana karo ngucapa:
Kaya mangkene iki kang mesthi katandukake
marang wong kang ora gelem nuwuhake turun
marang sadulure. [10] Sarta turune wong iku

ana ing Israel bakal kasebut: turune wong kang trumpahe dicopot ing wong."

Larangan tumrap tindak saru

25:11-12

[11] "Manawa ana wong lanang padha
kerengan, mangka somahe kang siji banjur
nyedhak arep mitulungi kang lanang saka
tangane kang menthung, kalawan gumrageh
nyekel kawirangane mungsuhe kang lanang,
[12] wong wadon iku kethoken tangane, aja
kokmesakake."

Bab timbangan lan takeran kang bener

25:13-16

[13] "Ing kanthongmu aja ana watu timbangan
rong warna, gedhe lan cilik. [14] Ing omahmu aja
ana takeran efa rong warna, gedhe lan cilik.
[15] Watu timbanganmu kudu kang wutuh lan
cocog; lan takeranmu efa kudu kang wutuh lan
cocog, supaya kowe didawakna umurmu ana
ing tanah peparinge Pangeran Yehuwah, Gusti
Allahmu, marang kowe. [16] Sing sapa duwe
pokal kang mangkono iku, yaiku: saben wong
kang nandukake cidra, iku jember tumrap ing
Pangeran Yehuwah, Gusti Allahmu."

Bangsa Amalek kudu katumpes

25:17-19

17 “Kowe elinga apa kang dadi panggawene
wong Amalek marang kowe, ana ing dalan
nalikane kowe metu saka ing tanah Mesir;
18 yaiku anggone mapagake kowe ana ing
dalan, sarta nggecak panunggalanmu kang
ringkih kang padha lumaku ana ing buri,
mangka kowe lagi sayah lan lesu. Wong
mau padha ora wedi marang Gusti Allah.
19 Mulane besuk samangsa Pangeran Yehuwah,
Gusti Allahmu, wus kelakon maringi tentrem
marang kowe, uwal saka sakehe mungsuh ing
saubengmu, ana ing nagara kang diparingake
dening Pangeran Yehuwah, Gusti Allahmu,
marang kowe minangka darbekmu lan
tanah-pusakamu, kowe banjur nyirnakna
pangeling-eling marang Amalek saka ing
sangisore langit. Iku kowe aja nganti lali!”

Pisungsung wiwitaning pametu

26:1-11

26 1 “Anadene samangsa kowe wus
kelakon lumebu ing nagara kang
diparingake dening Pangeran Yehuwah,
Gusti Allahmu, marang kowe minangka
tanah-pusakamu, sarta wus kokejegi lan
kokenggoni, 2 kowe banjur njupuka wiwitaning
pametuning bumi kang wus kokklumpukake
saka ing palemahanmu peparinge Pangeran

Yehuwah, Gusti Allahmu, marang kowe, iku
wadhahana ing kranjang, banjur gawanen
menyang panggonan kang bakal dipilih dening
Pangeran Yehuwah, Gusti Allahmu, kagem
padalemaning asmane. 3 Banjur sebaa marang
ngarsane imam kang jumeneng ing wektu iku,
sarta matura mangkene: Ing dinten punika
kula ngaturi uninga wonten ing ngarsanipun
Pangeran Yehuwah, Gusti Allah panjenengan,
bilih kula sampun lumebet ing nagari ingkang
sampun dipun prasetyakaken dening Sang
Yehuwah klayan supaos dhateng para leluhur
kula, yen badhe dipun paringaken dhateng
kita. 4 Imam mau tumuli nampanana kranjang
mau saka ing tanganmu, sarta didokokna ing
ngarepane misbyahe Pangeran Yehuwah, Gusti
Allahmu. 5 Kowe banjur nglairna pangaku
ana ing ngarsane Pangeran Yehuwah, Gusti
Allahmu, mangkene: Leluhur kawula rumiyin
punika tiyang Aram, tiyang nglembara, lajeng
kesah dhateng Mesir kanthi mbekta brayat
sakedhik, dados tiyang neneka wonten ing
ngriku, mangka wonten ing ngriku lajeng
dados bangsa ingkang ageng, kiyat sarta
kathah cacahipun. 6 Nalika tiyang Mesir
nganiaya lan nindhes dhateng kawula sadaya,
kawula dipun etrapi padaleman ingkang awrat,
7 ing ngriku kawula lajeng sesambat dhateng
Pangeran Yehuwah, Gusti Allahipun leluhur
kawula, Pangeran Yehuwah inggih lajeng
nyembadani ing pasambat kawula, tuwin
mirsani ing kasangsaran lan rekaos kawula
saha anggen kawula sami katindhes. 8 Sang

Yehuwah tumunten ngentasaken kawula
saking tanah Mesir kanthi asta ingkang rosa
saha klayan lengen ingkang kaulukaken,
punapadene srana kasekten ingkang nggegirisi
sarta srana pratandha-pratandha tuwin
mukjijat-mukjijat. 9 Lajeng kawula dipun bekta
mriki, sami kaparingan nagari punika, nagari
ingkang luber puwan lan madu. 10 Milanipun
ing samangke kawula nyaosaken wiwitaning
pamedalipun siti peparing Paduka dhateng
kawula punika, dhuh Yehuwah.

Sawuse mangkono sesaosanmu mau selehna ana ing ngarsane Pangeran Yehuwah, Gusti Allahmu, lan kowe banjur sujuda ana ing ngarsane Pangeran Yehuwah, Gusti Allahmu.
11 Karomaneh kowe bungah-bungaha bab
ing ngatase kadarman peparinge Pangeran Yehuwah, Gusti Allahmu, marang kowe dalah sakukubaning omahmu, iya kowe dalah wong Lewi lan wong bangsa liya kang neneka ana ing tengahmu."

Bab pisungsung prasepuluhan

26:12-15

12 "Samangsa kowe wus rampung anggonmu njupuk sakehe pisungsung prasepuluhan pametuning palemahanmu ing taun kang kaping telu, yaiku taun pisungsung prasepuluhan, iku banjur wenehna marang wong Lewi, wong bangsa liya kang neneka sarta marang bocah lola lan randha, supaya iku mau padha bisaa mangan nganti wareg

ana ing panggonanmu. [13] Kowe banjur
munjuka ana ing ngarsane Pangeran Yehuwah,
Gusti Allahmu: Pisungsung sengkeran punika
sampun kawula pindhah saking griya kawula,
sarta inggih sampun kawula tampekaken
dhateng tiyang Lewi, dhateng tiyang ngamanca
saha dhateng lare lola tuwin randha, ngetrepi
pepaken ingkang sampun Paduka dhawuhaken
dhateng kawula. Pepaken Paduka boten
wonten ingkang kelangkungan utawi ingkang
kawula supekaken. [14] Ing salebetipun kawula
kaprihatosan, pisungsung sengkeran punika
boten wonten ingkang kawula tedha, inggih
boten wonten ingkang kawula singkiraken
salebetipun kawula najis, saha ugi boten
wonten ingkang kawula sukakaken kangge
kaperluanipun tiyang pejah. Kawula sampun
ngestokaken dhawuhipun Pangeran Yehuwah,
Gusti Allah kawula, saha nglampahi samukawis
ingkang Paduka dhawuhaken dhateng kawula.
[15] Paduka mugi karsaa mirsani saking papan
padaleman Paduka ingkang suci, saking
swarga, saha mugi karsaa mberkahi umat
Paduka Israel, saha tanah peparing Paduka
dhateng kawula, kados anggen Paduka
prasetya klayan supaos dhateng para leluhur
kawula, tanah ingkang luber puwan lan
madunipun.”

Panutupe pangandika bab angger-anggering Toret

26:16-19

16 "Ing dina iki Pangeran Yehuwah, Gusti
Allahmu, ndhawuhi kowe supaya nglakoni
katetepan lan pranatan iki; iku kabeh padha
tetepana lan lakonana kanthi temen-temen,
kalawan gumolonging atimu lan gumolonging
nyawamu. 17 Ing dina iki kowe wus nampani
prajanji saka Sang Yehuwah yen Panjenengane
bakal dadi Gusti Allahmu, lan yen kowe
bakal ngambah dalan pitedahe sarta netepi
katetepan, dhawuh lan pranatane apadene
ngestokake pangandikane. 18 Lan ing dina iki
uga Sang Yehuwah wus nampeni janjimu, yen
kowe mesthi dadi umat kekasihe, kaya kang
kaprasetyakake marang kowe lan manawa
kowe bakal netepi sakehe dhawuhe. 19 Dene
kowe bakal diparingi kalungguhan kang luhur
ngungkuli sakehe bangsa kang wus dititahake,
dadi margane kowe kaalembana, misuwur
sarta kinurmatan. Apadene kowe bakal dadi
umat kang suci kagem Pangeran Yehuwah,
Gusti Allahmu, kaya kang wus kajanjekake."

Watu pangeling-eling lan misbyah ing gunung Ebal

27:1-10

27 1 Nabi Musa kanthi tuwa-tuwane Israel
banjur ndhawuhi marang bangsa iku

mangkene: "Kowe padha nggatekna sakehe
pepakon kang dakprentahake marang kowe
ing dina iki. 2 Lan samangsa kowe wus padha
nyabrang ing bengawan Yarden lumebu ing
tanah peparinge Pangeran Yehuwah, Gusti
Allahmu, marang kowe, nuli kowe ngadegna
watu kang gedhe-gedhe sarta laburen, 3 iku
banjur tulisana sakehe pangandikaning
angger-anggere Toret iki, yaiku samangsa
kowe wus nyabrang lumebu ing nagara
peparinge Pangeran Yehuwah, Gusti Allahmu,
marang kowe, tanah kang luber puwan
lan madu, kaya kang wus kajanjekake
dening Pangeran Yehuwah, Gusti Allahe para
leluhurmu marang kowe.
4 Dene samangsa kowe wus padha nyabrang
bengawan Yarden, watu kang dakprentahake
marang kowe ing dina iki, iku banjur padha
adegna ana ing gunung Ebal lan padha
laburen. 5 Karomaneh kowe gawea misbyah
konjuk marang Pangeran Yehuwah, Gusti
Allahmu, ana ing kono, misbyah watu,
panggarape aja nganggo piranti wesi.
6 Misbyahe Pangeran Yehuwah, Gusti Allahmu,
iku kagawea saka watu kang ora katatah, lan
anggonen nyaosake kurban obaran marang
Pangeran Yehuwah, Gusti Allahmu. 7 Kowe iya
nyaosna kurban kaslametan, sarta panganen
ana ing kono lan bungah-bungaha ana ing
ngarsane Pangeran Yehuwah, Gusti Allahmu.
8 Sabanjure watu-watu mau padha tulisana
sakehe pangandikaning angger-anggere Toret
iki, tulisane kang cetha lan terang."

[9] Nabi Musa lan para imam bani Lewi uga
banjur ndhawuhi marang wong Israel kabeh,
mangkene: “Menenga lan ngrungokna, he
wong Israel. Ing dina iki kowe wus dadi umate
Pangeran Yehuwah, Gusti Allahmu; [10] mulane
kowe padha ngestokna marang pangandikane
Pangeran Yehuwah, Gusti Allahmu, sarta
nglakonana pepakene lan katetepane kang
dakluntakake marang kowe ing dina iki.”

Ipat-ipat rolas warna

27:11-26

[11] Ing dina iku Nabi Musa dhawuh marang
bangsa iku, pangandikane:
[12] “Samangsa kowe wus padha nyabrang ing
bengawan Yarden, kang kudu ngadeg ana ing
gunung Gerizim prelu mberkahi bangsa iku,
yaiku suku Simeon, Lewi, Yehuda, Isakhar,
Yusuf lan Benyamin. [13] Dene kang kudu
ngadeg ana ing gunung Ebal prelu ngipat-ipati
yaiku suku Ruben, Gad, Asyer, Zebulun, Dhan
lan Naftali. [14] Para wong Lewi banjur wiwita
mituturi marang wong Israel kabeh kalawan
swara kang seru: [15] Kenaa ing laknat wong
kang gawe reca ukir-ukiran utawa cor-coran,
gegaweane tukang, kang dadi jejember ana
ing ngarsane Sang Yehuwah, sarta kang
diprenahake ana ing panggonan kang ndhelik.
Wong sabangsa kabeh banjur padha sumaura
bareng: Amin!
[16] Kenaa ing laknat wong kang ngremahake
marang bapa biyunge. Wong sabangsa kabeh

banjur padha sumaura bareng: Amin! [17] Kenaa
ing laknat wong kang ngelih pathok watesing
lemahe pepadhane. Wong sabangsa kabeh
banjur padha sumaura bareng: Amin! [18] Kenaa
ing laknat wong kang nasarake wong wuta
ana ing dalan. Wong sabangsa kabeh banjur
padha sumaura bareng: Amin! [19] Kenaa ing
laknat wong kang nyahak wewenang wong
ngamanca, bocah lola lan randha. Wong
sabangsa kabeh padha sumaura bareng:
Amin! [20] Kenaa ing laknat wong kang awor
turu karo somahe bapakne, marga ngungkapi
jarite bapakne. Wong sabangsa kabeh banjur
padha sumaura bareng: Amin! [21] Kenaa ing
laknat wong kang laku jina karo sadhengah
kewan. Wong sabangsa kabeh banjur padha
sumaura bareng: Amin! [22] Kenaa ing laknat
wong kang nunggal turu karo sadulure wadon,
anake bapakne utawa anake biyunge. Wong
sabangsa kabeh banjur padha sumaura: Amin!
[23] Kenaa ing laknat wong kang nunggal turu
karo embokne maratuwa. Wong sabangsa
kabeh banjur padha sumaura bareng: Amin!
[24] Kenaa ing laknat wong kang mateni ana
ing pasingidan. Wong sabangsa kabeh banjur
padha sumaura bareng: Amin! [25] Kenaa ing
laknat wong kang nampani opah supaya
mateni wong kang tanpa kaluputan. Wong
sabangsa kabeh banjur padha sumaura
bareng: Amin! [26] Kenaa ing laknat wong kang
ora netepi ing pangandikaning angger-anggere
Toret iki kalawan panggawe. Wong sabangsa
kabeh banjur padha sumaura bareng: Amin!”

Bab berkah

28:1-14

28 [1] “Manawa kanthi temen-temen
anggonmu ngestokake dhawuhe
Pangeran Yehuwah, Gusti Allahmu, lan
tumemen anggonmu nglakoni sakehe pepakon
kang daklairake marang kowe ing dina
iki, Pangeran Yehuwah, Gusti Allahmu,
mesthi bakal maringi kaluhuran marang
kowe ngungkuli para bangsa ing salumahe
bumi. [2] Manawa kowe ngestokake dhawuhe
Pangeran Yehuwah, Gusti Allahmu, kowe
bakal ketekan sakehing berkah kang bakal
dadi pandumanmu. [3] Kowe bakal kaberkahan
ana ing jero kutha lan kaberkahan ana
ing pategalan. [4] Bakal binerkahan wohing
wetenganmu, pametuning palemahanmu,
wohing raja-kayamu, iya wetengane sapimu
lan wedhusmu. [5] Bakal binerkahan kranjangmu
lan wadah jladrenmu. [6] Bakal binerkahan
samangsa kowe lumebu lan bakal kaberkahan
samangsa metu.

[7] Sang Yehuwah bakal marengake
mungsuhmu kang maju perang nglawan
marang kowe, padha kagecak ana ing
ngarepmu. Anggone nglurugi kowe bakal
padha metu ing dalan siji, nanging anggone
keplayu saka ing ngarepmu bakal padha
metu ing dalan pitu. [8] Sang Yehuwah bakal
ndhawuhake berkah tumrap ing lumbungmu
lan tumrap samubarang kang koktandangi;

kowe bakal kaberkahan ana ing nagara
paparinge Pangeran Yehuwah, Gusti Allahmu.
9 Pangeran Yehuwah bakal netepake kowe
dadi umate kang suci, kaya kang wus
kaprasetyakake kalawan supaos marang kowe,
anggere kowe netepi pepakene Pangeran
Yehuwah, Gusti Allahmu, sarta ngambah ing
dalan pitedahe. 10 Para bangsa ing salumahing
bumi banjur bakal padha weruh yen asmane
Sang Yehuwah kasebut tumrap kowe, temah
bakal padha ering marang kowe.
11 Mangkono uga Sang Yehuwah bakal
ngluberake kadarman marang kowe, iya bab
wohing wetenganmu, wohing taja-kayamu,
pametuning palemahanmu ana ing tanah kang
wus diprasetyakake dening Sang Yehuwah
kalawan supaos marang para leluhurmu yen
bakal diparingake marang kowe. 12 Sang
Yehuwah bakal mbikak pasimpenaning
kamirahane kang luber, yaiku langit, supaya
tanahmu kaparingan udan ing kala mangsane
lan mberkahi sakehe pagaweanmu, temah
kowe bakal ngutangi marang bangsa akeh,
nanging kowe dhewe ora bakal utang.
13 Kowe bakal didadekake sesirah dening Sang
Yehuwah, dudu buntut, lan kowe tansah bakal
tetep munggah, ora mudhun, angger kowe
ngestokake pepakene Pangeran Yehuwah,
Gusti Allahmu, kang dakluntakake marang
kowe ing dina iki, lan nglakoni iku kanthi
tumemen; 14 apadene manawa kowe ora
nyleweng manengen utawa mangiwa saka ing
sakehe dhawuh kang dakluntakake marang

kowe ing dina iki, yaiku ngetutburi allah liyane lan ngabekti marang iku."

Bab laknat

28:15-46

15 "Balik manawa kowe ora ngestokake
dhawuhe Pangeran Yehuwah, Gusti Allahmu,
lan ora nglakoni kalawan tumemen sakehe
pepakene lan katetepane kang dakprentahake
marang kowe ing dina iki, kowe bakal
katekan lan katempuh ing sakehe laknat
kang mangkene: 16 Kowe bakal kena ing
laknat ana ing jero kutha lan bakal kena ing
laknat ana ing pategalan. 17 Bakal kena ing
laknat kranjangmu lan wadhah jladrenmu.
18 Bakal kena ing laknat wohing wetenganmu
lan pametuning palemahanmu, anak-anake
sapimu lan wetengane wedhusmu. 19 Kowe
bakal kena ing laknat samangsa lumebu, lan
kena ing laknat samangsa metu.

20 Sang Yehuwah bakal ndhatengake laknat,
dahuru lan bebendu ana ing antaranira tumrap
sakehe pagawean kang sira tandangi, nganti
sira tumpes lan sirna kanthi enggal, marga
saka panggawenira kang ala, anggonira
mungkur ninggal marang Ingsun. 21 Sang
Yehuwah bakal ndhatengake pageblug pes
marang kowe, nganti kowe kasirnakake saka
ing tanah kang kokparani lan kokenggoni.
22 Sang Yehuwah bakal nggebag kowe kalawan
lelara watuk getih, panastis, panas kang nganti
nggosongake awak, tatu kang mbebayani

apadene mangsa ngerak, ama lan lelara
gandum, kabeh iku bakal nempuh marang
kowe nganti satumpesmu. 23 Langit kang
ana ing sadhuwure sirahmu bakal dadi kaya
tembaga lan tanah kang kokambah bakal dadi
kaya wesi. 24 Sang Yehuwah bakal nurunake
udan awu lan bledug ing nagaramu, kabeh
mau bakal nibani kowe saka ing langit nganti
tumeka ing satumpesmu. 25 Sang Yehuwah
bakal marengake kowe kagecak kabeh dening
mungsuhmu. Anggonmu nglurug bakal
ngambah ing dalan siji, nanging anggonmu
keplayu saka ing ngarepe bakal metu ing
dalan pitu; nganti kowe nukulake rasa girise
sakehe karajan ing bumi. 26 Jisimmu bakal
dadi memangsane sarupane manuk ing
awang-awang lan beburon ing bumi, sarta
bakal ora ana kang nggusahi.

27 Sang Yehuwah bakal nggebag kowe
kalawan memala wudun ing Mesir, kalawan
plentung, bengkoyok lan kadhas-kudhis, kang
nganti ora bisa mari. 28 Sang Yehuwah bakal
nggebag kowe kalawan lelara edan, wuta
sarta bubrah ing nalar, 29 temah ing wayah
awan kowe nganti grayah-grayah, kaya wong
wuta ana ing pepeteng. Salaku-lakumu bakal
ora begja, mung bakal tansah dikaniaya lan
dirampog, mangka ora ana kang mitulungi.
30 Kowe bakal pepacangan karo wong wadon,
nanging wong liya kang bakal ngewori turu.
Kowe bakal gawe omah, nanging ora bakal
kokenggoni. Kowe bakal gawe pakebonan
anggur, nanging ora bakal ngrasakake

wohe. 31 Sapimu bakal disembeleh ana ing
ngarepmu, nanging kowe ora bakal mangan
daginge; kuldimu bakal dirampas saka ing
ngarepmu, lan ora bakal dibalekake marang
kowe. Wedhusmu bakal padha kaulungake
marang mungsuhmu, mangka bakal ora ana
kang teka mitulungi kowe. 32 Anakmu lanang
lan wadon bakal kaulungake marang bangsa
liya, koksipati kalawan mripatmu dhewe,
sarta saben dina kowe tansah kangen marang
anak-anakmu iku, nanging kowe ora bakal bisa
tumindak apa-apa. 33 Sawijining bangsa kang
ora kokwanuhi kang bakal mangan pametuning
lemahmu lan sakehe wohe kangelanmu;
kowe tansah bakal ditindhes lan dikaniaya.
34 Kowe bakal dadi owah engetan marga saka
sesawangan kang kokdeleng. 35 Sang Yehuwah
bakal nggebag kowe kalawan tatu kang mandi
ana ing dhengkul lan pupumu sarta mremen
saka dlamakan tumeka ing cumplungmu,
kang ora bakal bisa mari. 36 Sang Yehuwah
bakal ngulungake kowe dalah rajamu kang
kokadegake supaya mengku kowe, marang
salah sawijining bangsa kang ora kokwanuhi,
lan iya ora diwanuhi dening para leluhurmu;
ana ing kana kowe bakal ngabekti marang
allah liyane kang rupa kayu lan watu. 37 Kowe
bakal dadi bab kang marakake kaebatan, dadi
pocapan lan pepoyokane para bangsa, ana
ing wewengkon anggonmu bakal disingkirake
dening Sang Yehuwah. 38 Pategalanmu bakal
koksebari wiji akeh, nanging anggonmu
ngundhuhi mung sathithik, marga bakal

dipangani walang. 39 Kowe bakal gawe lan
nanduri pakebonan anggur, nanging kowe ora
bakal ngombe utawa nandho anggur, marga
bakal dipangan uler. 40 Kowe bakal nduweni wit
jaitun ana ing sawratane dhaerahmu, nanging
kowe ora bisa nglengani awakmu, marga wohe
jaitunmu bakal padha gogrog. 41 Kowe bakal
duwe anak lanang lan wadon, nanging iku
ora bakal padha dadi duwekmu, marga bakal
padha dadi tawanan. 42 Sakabehe wit-witanmu
lan pametune palemahanmu bakal diebroki
grombolan walang. 43 Wong manca kang ana
ing tengahmu bakal sangsaya dhuwur ngluwihi
kowe, nanging kowe sangsaya keplorod.
44 Bangsa liya mau bakal ngutangi marang
kowe, nanging kowe ora bakal ngutangi; iku
bakal dadi sirah, nanging kowe bakal dadi
buntute.

45 Sakehe wewelak iku bakal nekani lan
mburu kowe nganti ketututan, temah kowe
banjur tumpes, marga kowe ora ngestokake
dhawuhe Pangeran Yehuwah, Gusti Allahmu,
ora netepi ing pepakene lan katetepane kang
padha didhawuhake marang kowe; 46 iku mau
kabeh bakal dadi pratandha lan mukjijat ana
ing antaramu lan ing antarane turunmu ing
salawase.”

Paprangan lan pambuwangan kang bakal dialami

28:47-68

[47] “Sarehne kowe ora gelem dadi abdine
Pangeran Yehuwah, Gusti Allahmu, kalawan
bungah lan legawaning ati, sanadyan wus
kaluberan ing samubarang kabeh, [48] mulane
kowe kalawan nandhang kaluwen lan kasatan,
sarta kalawan nandhang kawudan tuwin
kacingkrangan ing samubarang kabeh
bakal ngawula marang mungsuh kang
bakal didhawuhi dening Pangeran Yehuwah,
Gusti Allahmu, nglawan kowe; iku bakal
ngetrapi pasangan wesi ing cengelmu,
nganti kowe sirna. [49] Sang Yehuwah bakal
ndhatengake sawijining bangsa kang adoh
sangkane, saka ing pungkasane bumi, kang
tekane kaya manuk garudha kang nyamber;
bangsa kang ora kokngreteni basane;
[50] bangsa kang pasemone sumengit, ora
mawang marang wong tuwa lan ora melasi
marang bocah; [51] kang bakal mangan nganti
entek wohing raja-kayamu lan pametuning
palemahanmu, tumeka satumpesmu; ora
ngarekake gandum, anggur utawa lenga
utawa pedhetmu lan cempemu, nganti
sasirnamu. [52] Kowe bakal ditindhes ana ing
sakehe panggonanmu, nganti balowartimu
kang dhuwur lan santosa kang kokandelake
iku ing saindenging nagaramu wus padha
jugrug. Malah panindhese iku warata ing

saenggon-enggon, ana ing sawewengkone
nagara kabeh, kang wus diparingake marang
kowe dening Pangeran Yehuwah, Gusti
Allahmu. 53 Ing sajrone kasusahan lan rekasa
saka panggawene mungsuh iku, kowe nganti
tegel mangan wohing wetenganmu, iya
daginge anak-anakmu lanang lan wadon
peparinge Pangeran Yehuwah, Gusti Allahmu,
marang kowe. 54 Wong lanang ing antaramu
kang ringkih dhewe lan kulina mukti lan
seneng nguja pakaremane bakal ewa marang
sadulure, marang somahe dhewe sarta marang
anak-anake kang isih kari, 55 nganti ora gelem
menehi daginge anake kang dipangan iku
marang salah sijine wong-wong mau, awit ora
ana turahane maneh, ing sajrone susah lan
rekasa marga saka panggawene mungsuhmu
ana ing sakehe panggonanmu. 56 Wong wadon
ing antaramu kang ringkih lan kulina mukti
lan seneng nguja pakaremane, kang sikile
ora tau ngambah lemah awit saka anggone
seneng ngumbar kekarepane lan ringkih mau,
iku bakal ewa marang bojone dhewe sarta
marang anake lanang lan wadon; 57 marga
saka ari-arine kang metu saka guwa-garbane
utawa marga saka anak-anake kang dilairake;
jalaran saka bangeting kacingkrangane nganti
mentala mangan iku kalawan dhedhemitan,
iya jalaran saka susah lan rekasa marga
saka panggawene mungsuhmu ana ing
panggonanmu.

58 Manawa kowe ora nglakoni kanthi tumemen
sakehe pangandika ing angger-anggering

Toret kang katulisan ana ing kitab iki, lan
kowe ora gelem ngajeni Asma kang mulya
lan nggegirisi iki, yaiku marang Pangeran
Yehuwah, Gusti Allahmu, 59 Sang Yehuwah
bakal ndhatengake wewelak kang elok marang
kowe lan marang turunmu; wewelak kang
nggegirisi lan suwe lan lelara mbebayani tur
suwe. 60 Panjenengane iya bakal ndhatengake
sakehe memala Mesir kang kokwedeni,
kabeh iku bakal padha tumemplok ing
awakmu, 61 uga sarupane lelara lan sarupane
wewelak kang ora katulisan ana ing kitab
Toret iki, iku bakal ditekakake dening Sang
Yehuwah marang kowe nganti satumpesmu.
62 Temah kekarenmu mung sathithik, mangka
maune cacahmu iku kaya lintang ing langit;
mulane mangkono awit kowe ora ngestokake
dhawuhe Pangeran Yehuwah, Gusti Allahmu.
63 Padha kaya ing maune Sang Yehuwah
karenan ing galih nyaeni nangkar-nangkarake
marang kowe, iya kaya mangkono Sang
Yehuwah anggone karenan ing galih ngrusak
lan numpes marang kowe, temah kowe
bakal karubuhake saka ing tanah kang lagi
kokparani bakal kokenggoni. 64 Sang Yehuwah
bakal mbuyarake kowe ana ing antarane
para bangsa, saka ing pungkasane bumi
tutug ing pungkasane bumi, ana ing kono
kowe bakal ngabekti marang allah liyane
kang ora kokwanuhi lan iya ora disumurupi
dening para leluhurmu, kang rupa kayu lan
watu. 65 Ana ing antarane para bangsa iku
kowe ora bakal oleh katentreman, sarta

dlamakanmu bakal ora oleh aso; malah
ing kono kowe bakal kaparingan ati kang
semplah, mripat kang kebak rasa kangen
sarta nyawa kang nggrantes. 66 Uripmu bakal
kompal-kampul, awan lan bengi tansah
was-was lan nguwatirake uripmu. 67 Ing wayah
esuk pangucapmu: Bok iya enggal bengi; lan
ing wayah bengi pangucapmu: Bok iya tumuli
esuk; marga atimu kebak rasa giris marga
saka sesawangan kang koksipati. 68 Sang
Yehuwah bakal mangsulake kowe menyang ing
tanah Mesir kalawan nunggang prau, metu ing
dalan kang wus Sunpangandikakake marang
sira: Sira ora bakal ndeleng iku maneh. Ana
ing kono sira bakal nawakake awakira marang
mungsuhmu dadi batur tukon lanang lan
wadon, nanging bakal ora ana kang tuku.”

Prajanjian kalawan Gusti Allah kaanyarake

29:1-29

29 1 Iki surasane prajanjian kang
kadhawuhake dening Sang Yehuwah
marang Nabi Musa, supaya kadhawuhna
marang wong Israel ana ing tanah Moab,
kajaba prajanjian kang wus kaanakake
kalawan wong-wong mau ana ing gunung
Horeb.
2 Nabi Musa nimbali sagolongane wong Israel
kabeh kadhawuhan nglumpuk, banjur padha
dipangandikani mangkene: “Kowe wus padha
ndeleng apa sapandamele Sang Yehuwah

ana ing tanah Mesir marang Sang Prabu
Pringon lan sakehe para abdine lan marang
ing saindenging nagarane, [3] panyoba kang
gedhe kang wus padha kokdeleng dhewe,
rupa pratandha lan mukjijat kang agung iku;
[4] nanging tekan ing dina iki kowe padha ora
diparingi akal-budi kang kanggo mangreti
utawa mripat kanggo ndeleng, apadene
kuping kanggo ngrungkokake dening Sang
Yehuwah. [5] Sira wus Sunirid lakunira ana
ing pasamunan nganti patang puluh taun
lawase, sandhanganira ora dadi lungsed, lan
trumpahira ora dadi jebol ana ing sikilira; [6] sira
ora mangan roti, anggur utawa omben-omben
kang mendemi sira ora ngombe, supaya sira
sumurupa yen Ingsun iki Yehuwah Allahira.
[7] Satekamu ing panggonan kene, banjur
padha dilurugi perang dening Prabu Sihon,
ratu ing Hesybon lan Prabu Og, ratu ing
Basan, nanging iku padha kita gecak, [8] sarta
nagarane padha kita rebut, kita wenehake
marang wong Ruben, marang wong Gad lan
marang separone taler manasye dadi tanah-
pusaka. [9] Mulane kowe padha nglakonana
pangandikaning prasetyan iki kanthi tumemen,
supaya kowe padha bisa oleh kabegjan ing
sabarang kang koklakoni.
[10] Ing dina iki kowe kabeh padha ngadeg
ana ing ngarsane Pangeran Yehuwah,
Gusti Allahmu, para panggedhene talermu,
para tuwa-tuwamu lan para tetindhihing
wadya-balamu lan sakehe wong lanang ing
Israel, [11] anak-anakmu, somahmu lan bangsa

liya kang ana ing pakemahanmu, dalasan
para tukang nyigari kayu lan tukang nimba;
12 padha kakersakake melu ing prasetyane
Pangeran Yehuwah, Gusti Allahmu, yaiku
prajanjian kang kinanthenan supaos, kang
didamel dening Pangeran Yehuwah, Gusti
Allahmu, karo kowe ing dina iki; 13 supaya ing
dina iki kowe diangkata dadi umat kagungane
sarta Panjenengane dadia Gusti Allahmu, kaya
kang wus dadi pangandikane marang kowe
lan kaya kang wus diprasetyakake kalawan
supaos marang para leluhurmu yaiku Eyang
Abraham, Iskak lan Yakub. 14 Anadene kang
dakkatutake ing prasetyan kang kanthi supaos
iku ora mung kowe dhewe, 15 nanging iya
saben wong kang melu kita ngadeg ana ing
ngarsane Pangeran Yehuwah, Gusti Allah kita,
iya dalah wong kang ing dina iki ora melu kita
ana ing kene. 16 Awit kowe rak padha sumurup
kaya apa anggon kita padha nratas ing
tengahe sakehe bangsa kang padha kokambah
nagarane, 17 sarta kowe wus padha weruh
dewa jejember lan brahalane kang arupa kayu
lan watu, mas lan salaka kang padha ana ing
tengahe. 18 kang iku ing antaramu aja nganti
ana wong lanang utawa wadon, kulawarga
lan taler kang ing dina iki atine mungkur
ninggal Pangeran Yehuwah, Gusti Allah kita,
sarta marani lan ngabekti marang allahe
bangsa-bangsa mau; ing antaramu iya aja
nganti ana oyod kang nukulake racun utawa
butrawali. 19 Nanging aja nganti kelakon,
sawuse krungu surasane prasetyan kang

kanthi supaos iki, ana wong kang banjur
duwe pangira: Aku mesthi bakal terus slamet,
sanadyan lakuku nuruti wangkoting atiku; yen
mangkono bakal ndadekake sirnane tanah
kang kaluberan dalah kang kakurangan banyu,
20 Pangeran Yehuwah mesthi ora ngapura
marang wong kang mangkono iku, malah
bakal kataman ing bebendu lan kasujanane
Pangeran Yehuwah kang makantar-kantar,
sarta bakal katempuh ing sakehe sumpah
kang katulisan ana ing kitab iki, apadene Sang
Yehuwah bakal nyirnakake jenenge saka ing
sangisoring langit; 21 Sang Yehuwah bakal
misahake wong iku saka ing sakehe talere
Israel supaya kataman ing bilai, ngetrepi
sumpah prasetyan kang katulisan ana ing
kitab Toret iki. 22 Turun-turunmu ing tembe,
yaiku anak-putumu kang bakal tuwuh ing
sapungkurmu, lan bangsa liya kang bakal
teka saka ing tanah adoh, manawa padha
weruh wewelak lan lelara kang nempuh ing
nagara iku marga saka panggebage Sang
Yehuwah, 23 yaiku: sawratane tanah padha
geseng kabeh marga saka welirang lan uyah,
kang ora kasebaran, ora nuwuhake apa-apa
lan ora ana thethukulan kang tinemu ing
kono, kayadene Sodom, Gomora, Adma lan
Zeboim, kang padha diwalik dening Sang
Yehuwah sajroning bebendu lan bentering
bramatyane. 24 Sakehe para bangsa bakal
padha sapocapan: Yagene Sang Yehuwah
nindakake mangkono marang nagara iki.
Yagene bebendune kang ngedab-edabi nganti

mulad-mulad mangkono. [25] Ing kono bakal
ana kang mangsuli: Iku marga saka anggone
padha nyingkur marang prasetyane Pangeran
Yehuwah, Gusti Allahe para leluhure, yaiku
prajanjian kang kadamel karo wong-wong
iku nalika padha kaentasake saka ing tanah
Mesir; [26] sarta anggone wus padha lunga
ngabekti lan sujud marang allah liyane, yaiku
allah kang maune padha ora disumurupi
lan kang ora dikarsakake dening Pangeran
Yehuwah. [27] Mulane bebendune Sang Yehuwah
mulad-mulad marang nagara iku, nganti
didhawahi sakehe pangipat-ipat kang katulisan
ana ing kitab iki. [28] Sang Yehuwah nyebratake
wong-wong iku saka ing tanahe kalawan duka
lan bentering bramatyane lan bebendune kang
nggegirisi, banjur padha dibuwang menyang
ing nagara liya, kaya kang wus kelakon ing
dina iki. [29] Prakara kang samar iku karegem ing
Pangeran Yehuwah, Gusti Allah kita, nanging
apa kang wus kalairake iku kanggo kita lan
anak-putu kita ing salawas-lawase, supaya
kita padha ngestokna sakehe pangandikaning
angger-anggere."

Pulih sawuse mratobat

30:1-10

30 [1] "Anadene samangsa kowe wus
katekan samubarang kabeh kang
wus dakandharake ana ing ngarepmu mau,
yaiku berkah lan laknat, mangka kowe
banjur ngrumangsani ana ing sajroning

atimu ana ing satengahe sakehe bangsa, ing
ngendi parane anggonmu ditundhung dening
Pangeran Yehuwah, Gusti Allahmu, 2 sarta
manawa kowe bali mratobat marang Pangeran
Yehuwah, Gusti Allahmu mau, lan ngestokake
dhawuhe miturut kaya kang dakprentahake
marang kowe ing dina iki, dadia kowe
dadia anak-anakmu, kalawan gumolonging
atimu lan gumolonging nyawamu, 3 ing kono
Pangeran Yehuwah, Gusti Allahmu, bakal
mulihake kaananmu lan melasi marang
kowe. Kowe bakal dikumpulake maneh saka
ing antarane para bangsa, saka ing ngendi
parane anggonmu disebar dening Pangeran
Yehuwah, Gusti Allahmu. 4 Sanadyan kang
padha kabuwang iku ana ing pungkasane
langit, Pangeran Yehuwah, Gusti Allahmu,
iya bakal nglumpukake kowe saka ing
kana. Panjenengane bakal mundhut kowe
saka ing kana. 5 Pangeran Yehuwah, Gusti
Allahmu, bakal ngirid kowe lumebu menyang
nagara kang wus dadi duweke leluhurmu,
nuli kowe kang bakal ndarbeni. Kowe bakal
diparingi kadarman lan kadadekake tangkar-
tumangkar nganti ngungkuli para leluhurmu
mau. 6 Karodene Pangeran Yehuwah, Gusti
Allahmu, bakal netaki atimu lan atine
turunmu, temah ndadekake kowe padha
tresna marang Pangeran Yehuwah, Gusti
Allahmu, kalawan gumolonging atimu lan
gumolonging nyawamu, njalari kowe lestari
urip. 7 Dene sakehe sumpah iku mau bakal
didhawahake dening Pangeran Yehuwah, Gusti

Allahmu, marang mungsuhmu lan marang
para kang nyengiti kowe, kang wus padha
ngoyak-oyak marang kowe. 8 Anadene kowe
bakal ngestokake dhawuhe Sang Yehuwah,
maneh sarta nglakoni sakehe pepakene kang
dakluntakake marang kowe ing dina iki. 9 Ing
kono Pangeran Yehuwah, Gusti Allahmu,
bakal ngluberake kadarmane marang kowe
tumrap sabarang kang koklakoni, iya kang
arupa wohing wetenganmu, lan wohing
raja-kayamu sarta pametuning palemahanmu;
awitdene Pangeran Yehuwah, Gusti Allahmu,
bakal karenan ing galih marang kowe maneh
marga saka kabegjanmu, kaya biyen anggone
karenan ing galih marang para leluhurmu.
10 Iku manawa kowe ngestokake dhawuhe
Pangeran Yehuwah, Gusti Allahmu, kanthi
netepi pepaken lan katetepane kang padha
katulisan ana ing kitab Toret iki, sarta manawa
kowe mratobat marang Pangeran Yehuwah,
Gusti Allahmu, kalawan gumolonging atimu
lan gumolonging nyawamu."

Bab pati-urip

30:11-20

11 "Awitdene pepakon kang dakluntakake
marang kowe ing dina iki, iku ora kaboten
tumrap kowe lan iya ora kadohen, 12 ora ana
ing langit, samungguh mangkonoa kowe
mesthi ngucap: Sapa kang bakal munggah
menyang ing langit njupuk iku lan medharake
marang kita, supaya padha kita lakoni? 13 Lan

iya ora ana ing sabrange sagara, saupama
mangkonoa pangucapmu mesthi mangkene:
Sapa kang bakal nyabrang menyang ing
sabrange sagara, njupuk iku lan medharake
marang kita, supaya padha kita lakoni?
14 Nanging pangandika iku cedhak banget
karo kowe, yaiku ana ing cangkemmu lan ing
atimu, supaya katindakake!
15 Elinga, ing dina iki aku wus nggelarake
bab urip lan karahayon, bab pati lan
kasangsaran, 16 marga ing dina iki aku prentah
marang kowe, supaya kowe tresnaa marang
Pangeran Yehuwah, Gusti Allahmu, sarta
lumakua ana ing dalan pitedahe, apadene
netepana ing pepaken lan katetepan sarta
prasetyane, supaya kowe lestaria urip lan
tangkar-tumangkara,sarta diberkahana dening
Pangeran Yehuwah, Gusti Allahmu, ana ing
nagara kang kokparani lan bakal kokejegi.
17 Nanging manawa atimu mungkur lan ora
ngestokake dhawuhe, malah kagendeng nganti
sujud lan ngabekti marang allah liyane, 18 ing
dina iki kowe dakkandhani; yen kowe masthi
bakal padha tumpes, ora-orane yen kowe
bakal padha lestari pamanggonmu ana ing
tanah kang lagi kokparani kalawan nyabrang
ing kali Yarden lan bakal kokenggoni. 19 Langit
lan bumi padha dakgawe seksi lawananmu
ing dina iki; urip lan pati wus dakgelar ana
ing ngarepmu, apadene berkah lan laknat.
Kang iku kowe miliha urip, supaya lestaria
urip, iya kowe dalah turunmu, 20 kalawan
nresnani Pangeran Yehuwah, Gusti Allahmu,

ngrungokake marang pangandikane sarta
rumaket marang Panjenengane; marga yaiku
kang njalari uripmu lan dawane umurmu ana
ing tanah kang wus diprasetyakake dening
Pangeran Yehuwah kalawan supaos, marang
para leluhurmu yaiku: Eyang Abraham, Iskak
lan Yakub, yen bakal kaparingake."

sang Yusak nggentosi Nabi Musa

31:1-8

31 [1] Sawuse mangkono Nabi Musa banjur
tindak sarta nglairake sakehing
pangandika iki marang wong Israel kabeh.
[2] Mangkene pangandikane: "Umurku saiki
satus rong puluh taun; aku wus ora bisa giyat
maneh, sarta Pangeran Yehuwah wus ngandika
marang aku: Sira mesthi ora bakal nyabrang
bengawan Yarden iki. [3] Pangeran Yehuwah,
Gusti Allahmu, piyambak kang bakal nuntun
nyabrang lakumu, iya Panjenengane piyambak
kang bakal numpes bangsa-bangsa iku saka
ing ngarepmu, satemah kowe banjur bisa
ngebeki nagarane; Yusak kang bakal nuntun
nyabrang lakumu, kaya kang dadi dhawuhe
Sang Yehuwah. [4] Dene Sang Yehuwah bakal
ngetrapi para bangsa mau kaya kang wus
ditandukakake marang Prabu Sihon lan Prabu
Og, para ratune wong Amori, kang wus padha
ditumpes dalah tanahe pisan. [5] Sang Yehuwah
bakal ngulungake para bangsa mau marang
ing tanganmu, sawuse nuli padha etrapana
miturut kaya kang wus dakprentahake marang

kowe. 6 Disantosa lan ditatag atimu, aja wedi
lan aja giris ana ing ngarepe, marga Pangeran
Yehuwah, Gusti Allahmu, iku kang nunggil
ing salaku-lakumu. Panjenengane ora bakal
negakake kowe lan kowe ora bakal ditilar.”
7 Nabi Musa nuli nimbali Sang Yusak lan
dipangandikani ana ing ngarepe sakehe
wong Israel: “Disantosa lan ditatag atimu,
awitdene kowe kang bakal lumebu bebarengan
karo bangsa iki menyang ing nagara kang
wus diprasetyakake kalawan supaos dening
Sang Yehuwah marang leluhure yen bakal
diparingake; dene kowe kang bakal mimpin
nganti padha ndarbeni nagara iku. 8 Pangeran
Yehuwah piyambak kang bakal ngirid lakumu,
Panjenengane piyambak kang bakal nunggil
marang kowe, kowe ora bakal ditegakake
lan ora bakal ditilar, mulane aja wedi lan aja
semplah.”

Pamacane kitab angger-anggere Toret saben pitung taun

31:9-13

9 Sawuse nabi Musa nyerati angger-anggere
Toret, iku banjur diparingake marang
para imam bani Lewi, kang ngusung pethi
prasetyaning Pangeran Yehuwah lan marang
sakehe para tuwa-tuwane Israel; 10 nuli padha
diprentahi dening Nabi Musa mangkene:
“Iki wekasane pitung taun ing mangsane
nglilakake utang kaya kang wus katemtokake,
yaiku Riyaya Tancebing Tarub; 11 samangsa

wong Israel kabeh padha nglumpuk seba
ana ing ngarsane Pangeran Yehuwah, Gusti
Allahmu, ana ing panggonan kang bakal
pinilih dening Panjenengane, nuli kowe macaa
angger-anggere Toret iki ana ing ngarepe
wong Israel kabeh. 12 Wong sabangsa kabeh
padha klumpukna, lanang-wadon dalah
bocah-bocah, apadene wong bangsa liya
kang manggon ana ing antaramu, supaya iku
padha krungua, lan padha sinaua wedi-asih
marang Pangeran Yehuwah, Gusti Allahmu,
sarta kanthi tumemen padha nglakoni
sakehe pangandikane angger-anggere Toret
iki. 13 Dalah para anak-putune kang ora
nyumurupi, iya padha bisaa krungu lan nyinau
wedi-asih marang Pangeran Yehuwah, Gusti
Allahmu, salawase urip ana ing tanah kang
lagi kokparani, kalawan nyabrang bengawan
Yarden, lan kang bakal kokenggoni.”

Bebukane kidunge Nabi Musa

31:14-30

14 Pangandikane Sang Yehuwah marang
Nabi Musa; “Lah wus cedhak anggonira bakal
mati, mulane Yusak undangen banjur padha
ngadega ana ing Tarub Pasewakan, bakal
Sunpangandikani.” Nabi Musa lan Yusak banjur
padha jumeneng ana ing Tarub Pasewakan.
15 Pangeran Yehuwah banjur ngatingal ana
ing jero tarub, ing jero tugu mega, tugune
tumuli ngadeg ana ing lawanging tarub.
16 Pangandikane Pangeran Yehuwah marang

Nabi Musa: “Wruhanira, sira bakal ngaso awor
karo para leluhurira, dene bangsa iki bakal
laku bedhang kanthi ngetut-buri allahe bangsa
liya kang ana ing nagara, kang bakal dileboni;
ana ing kono bakal padha ngungkurake
Ingsun lan nyelaki prasetyaningSun kang wus
Suntetepake karo wong-wong iku. [17] Ing wektu
iku bakal padha katempuh ing mulad-mulading
bebenduningSun lan bakal Suntilar kalawan
ngaling-alingi wadananingSun, temah bakal
padha kamangsa nganti entek lan katrajang
ing bilai lan kasusahan akeh, nganti ing
wektu iku padha duwe pangucap mangkene:
Rak marga Gusti Allah ora ana ing satengah
kita, anggon kita padha katrajang ing bilai
lan karubedan tumpa-tumpa iki? [18] Nanging
ing wektu iku Ingsun bakal ndhelikake
wadananingSun babar pisan, marga saka
sakehe piala kang wus dilakoni, yaiku anggone
padha manut marang allah liyane. [19] Mulane
kidung iku tulisana lan banjur wulangna
marang wong Israel, isekna ing cangkeme,
supaya kidung iki dadia seksiningSun tumrap
wong Israel. [20] Awitdene Ingsun bakal
ngirid lakune lumebu ing tanah kang wus
Sunprasetyakake kalawan supaos marang
para leluhure, yaiku tanah kang luber puwan
lan madu; nanging samangsa wus padha
mangan nganti wareg lan dadi lemu, nuli
bakal padha marani allah liyane, lan ngabekti
marang iku. Ingsun bakal disepelekake
lan prasetyaningSun diselaki. [21] Nanging
samangsa padha kataman ing bilai lan

kasangsaran bola-bali, kidung iki bakal
minangka paseksi tumrap wong-wong iku;
marga kidung iki bakal tetep tumempel ing
lambene para turune, awitdene Ingsun mirsa
apa kang dadi kekarepaning atine ing dina iki,
sadurunge Sunirid lumebu ing tanah kang wus
Sunprasetyakake kalawan supaos.” 22 Nabi
Musa tumuli nyerati kidung iku sarta banjur
diwulangake marang wong Israel.

23 Pangeran tumuli paring dhawuh marang
Sang Yusak bin Nun, pangandikane:
“Disantosa lan ditatag atimu, sabab sira bakal
ngirid lakune wong Israel lumebu ing nagara
kang wus Sunprasetyakake kalawan supaos
marang wong-wong iku, sarta Ingsun kang
bakal nunggil marang sira.”

24 Kacarita bareng Nabi Musa wus rampung
anggone nyerati pangandikane angger-
anggere Toret iku ana ing kitab nganti
satamate, 25 banjur dhawuh marang para
wong Lewi kang padha ngusung pethining
prasetyane Pangeran Yehuwah, pangandikane:
26 “Kitab Toret iki tampanana lan selehna
sandhing pethining prasetyane Pangeran
Yehuwah, Gusti Allahmu, supaya anane
ing kono iku dadia paseksi tumrap kowe.
27 Awitdene aku ngerti marang wangkote
atimu lan kakune githokmu. Salagine aku
isih urip ana ing tengahmu bae, kowe wus
padha ngatonake wangkotmu marang Sang
Yehuwah, mendahane maneh yen aku wus
ngajal. 28 Padha klumpukna sakehe para
tuwa-tuwane talermu lan para tetindhihing

wadya-balamu, aku arep nglairake apa kang
bakal dakkandhakake mengko, kalawan
ngundang langit lan bumi, supaya dadi
seksi. 29 Marga aku ngerti, besuk sangajalku,
kowe bakal padha tumindak rusuh, lan
bakal nyleweng saka ing dalan kang wus
dakprentahake marang kowe; mulane ing
tembe kowe bakal padha katempuh ing bilai,
manawa kowe padha nglakoni kang ala ana
ing paningale Sang Yehuwah, lan gawe gerahe
panggalihe awit saka gegaweane tanganmu."
30 Nabi Musa banjur nglairake kidung iki ing
sapangrungune wong Israel sapasamuwan
kabeh nganti satamate.

Kidung Nabi Musa

32:1-43

32 1 "Kupingmu tilingna, he langit, aku arep caturan,
lan bumi ngrungokna guneme cangkemku.
2 Piwulangku muga tumetes kaya udan,
tembungku tetesa kaya ebun,
kaya udan deres kang tumiba ing trubusan kang lagi semi,
kaya udan deres nibani tetuwuhan.
3 Marga asmane Sang Yehuwah arep dakundhangake:
Ngunjukna hurmat marang Gusti Allah kita,
4 Gunung Parang, kang sampurna pakaryane,
jejeg sakehe margine;

marga Gusti Allah kang setya-tuhu, ora ana kaculikane,
Panjenengane iku bener lan adil.
5 Wong-wong kang wus padha ora dadi putrane maneh,
kang padha dadi blentong,
golongan kang nasar lan plinthat-plinthut,
iku padha nandukake kanisthan marang Panjenengane.
6 He bangsa golongan kang gemblung lan tanpa budi,
apa iku pamalesmu marang Pangeran Yehuwah?
Iku rak Ramamu kang nitahake kowe,
kang nganakake lan kang nguwatake kowe.
7 Elinga marang jaman kuna,
gatekna taun-taune turun kang wus kepungkur,
tekokna marang bapakmu, iku kang bakal nerangake marang kowe,
lan marang para pinituwa, iku kang bakal ngandhani marang kowe.
8 Ing nalika Kang Mahaluhur mandumi tanah-pusaka marang para bangsa,
iya ing kalane misahake para anake manungsa,
Panjenengane netepake wilayahe para bangsa iku
miturut cacahe wong Israel.
9 Awitdene kang dadi pandumane Pangeran Yehuwah iku umate,

Eyang Yakub iku kang katetepake dadi
kagungane piyambak.
10 Anggone manggih ana ing sawijining
nagara ana ing pasamunan,
ana ing satengahe papan kang mluwa lan
panggeroning pasamunan,
banjur diamping-ampingi,
direksa prasasat maniking paningale.
11 Kaya patrape manuk garudha anggone
ngiyun-iyun isining susuhe,
nglayang-nglayang ngreksa anak-anake,
mbeber swiwine, nadhahi anake siji,
lan banjur digendhong ing swiwine,
12 kaya mangkono Sang Yehuwah piyambak
anggone ngirid lakune,
ora ana allah liyane kang mbarengi.
13 Diyasakake tetunggangan kang bisa
ngambah ing tengger-tenggering bumi,
diparingi pangan pametune pategalan,
didadekake nesep madu saka ing gunung
parang
lan lenga saka ing watu kelang,
14 kaniling puwane sapi lan puwane wedhus,
karo gajihing cempe
lan wedhus gembel lanang saka ing Basan,
apadene wedhus berok,
kalawan gandum pilihan,
sarta getihing woh anggur kang dadi
omben-omben, anggur kang munthuk.
15 Yesyurun nuli dadi lemu, sarta nyepak-
nyepak memburi,
-- kowe tambah lemu, mblenek lan
gimblah-gimblah --,

banjur ninggal marang Gusti Allah kang nitahake
lan ngremehake gunung paranging karahayone.
16 Padha memungu butajengane marga nyembah allah liyane;
nuwuhake gerahe panggalihe kalawan dewaning kanisthan;
17 padha sesajen marang para roh reged kang dudu Allah,
marang allah kang padha ora diwanuhi,
allah anyar kang lagi bae jumedhul,
kang ora diwedeni dening para leluhurmu.
18 Gunung Parang kang nganakake kowe iku koklirwakake,
lan Gusti Allah kang nglairake kowe koklalekake.
19 Nalika Sang Yehuwah nguningani bab iku,
banjur nampik wong-wong mau,
marga gerah ing penggalih jalaran saka anak-anake lanang lan wadon.
20 Panjenengane ngandika: Ingsun bakal ngaling-alingi wadananingSun tumrap ing wong-wong iku;
Sunpirsani bakal kapriye wekasane;
awitdene iku bangsa kang keblinger,
anak kang padha ora setya-tuhu,
21 padha memungu butajenganingSun kalawan kang dudu allah;
padha gawe gerahe penggalihingSun kalawan brahalane.
Mulane Ingsun iya bakal nenangi kumerene kalawan kang dudu umat,

lan bakal nyerikake atine kalawan bangsa kang gemblung.
22 Awitdene bebenduningSun wus ngurubake geni,
nganti makantar-kantar tekan ing jagade wong mati kang ngisor dhewe;
geni iku mangsa marang bumi dalah pametune,
sarta nggosongake dhasare gunung-gunung.
23 Ingsun bakal ndhawahake bilai tumpuk-undhung marang wong-wong iku
lan Sunebyuki sakehe jemparingingSun.
24 Samangsa wus menggrik-menggrik marga kurang pangan
lan katon nglayung marga ketrajang lara panas kang nggegirisi,
apadene pageblug kang ampuh,
nuli bakal Sunlepasi siyunge sato galak
lan wisane kewan kang padha nlosor ana ing bumi.
25 Jaka lan prawan, pasuson lan wong kang wus uwanen
bakal padha tumpes, ana ing jaba
dening pedhang ana ing jero kamar dening pagiris.
26 Ingsun mesthine kudu ngandika: Bakal padha Sundamoni.
Pangeling-eling marang wong-wong
iku bakal Sunsirnakake saka ing antarane para manungsa,

27 nanging Ingsun sumelang manawa
mungsuh banjur nuwuhake gerahing
panggalihingSun,
bokmanawa lawanane iku padha salah
tampa
nganti duwe pangucap: Tanganku unggul,
dudu Sang Yehuwah kang nindakake iki
kabeh.
28 Awitdene iku bangsa kang tanpa nalar,
padha tanpa budi.
29 Saupama wicaksanaa, mesthi ngerti
prakara iki,
sarta mikir kapriye bakal wekasane.
30 Apa bisa kelakon wong siji mburu wong
sewu
lan wong loro bisa ngalahake wong sapuluh
ewu,
yen oraa wus padha kaedol dening gunung
parange
lan diulungake dening Sang Yehuwah.
31 Marga gunung parange wong-wong iku ora
kaya gunung parang kita;
bab iku mungsuh kita kena dadi hakim.
32 Sanyatane wite anggur wong-wong iku
asale saka wit anggur ing Sodom
lan saka pakebonan ing Gomora;
wohe anggure iku ngandhut racun,
pait dhompolane.
33 Duduhe anggure iku wisaning ula,
lan wisaning ula bedhudhak kang mandi
banget.
34 Kabeh iku apa ora wus Sunsimpen,

kasegel ana ing gedhong
parawataningSun?
35 Ingsun kang kagungan wewenang pepulih
lan males,
ing mangsane sikile nggloyori,
awitdene wus cedhak dinaning karusakane,
sarta enggal bakal nekani apa kang dadi
pepesthene.
36 Awitdene Pangeran Yehuwah bakal paring
kaadilan marang umate,
lan bakal melasi marang para abdine,
samangsa mirsani yen wus ora ana
kekuwatane
lan wus sirna kang jeneng abdi lan kang
merdika.
37 Ing kono Panjenengane bakal ngandika:
Ana ing ngendi allah-allahe
-- gunung parang kang dadi pangungsene
--,
38 kang padha mangan gajihing sesajene
sembelehan,
kang padha ngombe anggur kurban
unjukan?
Kareben iku padha tumandang mitulungi
sira,
supaya sira oleh pangayoman.
39 Saiki sira padha nitenana, yen Ingsun, iya
Ingsun iki Panjenengane;
ora ana Allah, kajaba Ingsun.
Ingsun kang mateni, lan iya Ingsun kang
nguripake,
Ingsun kang ngremuk, lan iya Ingsun kang
marasake;

sarta ora ana kang bisa ngluwari saka ing
astaningSun.
40 Lah Ingsun ngangkat astaningSun marang
ing langit kalawan ngandika:
Demi Ingsun agesang langgeng,
41 samangsa Ingsun ngasah pedhangingSun
kang gilap,
sarta astaningSun ngasta pangadilan,
mesthi Ingsun bakal paring piwales
marang kang padha nglawan marang
Ingsun,
sarta males marang para satruningSun.
42 Ingsun bakal ngendemi jemparingingSun
kalawan getih,
lan pedhangingSun bakal mangan daging;
getihe wong-wong kang padha mati
sinuduk lan wong-wong kang padha
katawan,
saka sirahe pimpinane mungsuh kang
rambute dawa.
43 He, para bangsa, padha surak-suraka
marga saka umate,
awitdene Panjenengane malesake getihe
para abdine,
sarta bakal ndhawahake piwales marang
kang padha nglawan ing Panjenengane,
sarta bakal nganakake pirukun tumrap
tanahe umate.”

Pituture Nabi Musa kang wekasan

32:44-47

44 Nabi Musa tumuli rawuh bebarengan
karo Sang Yusak bin Nun, lan nglairake
sakehe tetembunganing kidung mau ing
sapangrungune bangsa iku.
45 Sawuse Nabi Musa rampung anggone
nglairake sakehe tetembungan mau marang
wong Israel kabeh, 46 banjur mangandikani
mangkene: "Kowe padha nggatekna apa kang
wus dakpituturake marang kowe ing dina iki,
supaya kokprentahake marang anak-anakmu,
padha konen nglakoni kanthi temen-temen
sakehe pangandikane angger-anggering Toret
iki. 47 Awitdene iki dudu tembung kang tanpa
isi tumrap ing kowe, nanging iku uripmu, lan
srana pangandika iki bakal dawa umurmu ana
ing tanah kang kokparani, bakal kokenggoni,
kalawan nyabrang ing bengawan Yarden."

Sedane Nabi Musa wus cedhak

32:48-52

48 Ing dina iku uga Pangeran Yehuwah
ngandika marang Nabi Musa, mangkene:
49 "Sira munggaha menyang ing pagunungan
Abarim, menyang ing gunung Nebo kang
ana ing tanah Moab ing penere Yerikho,
banjur sira nyawanga tanah Kanaan kang
bakal Sunparingake marang wong Israel
dadi darbeke. 50 Sira bakal mati ana ing

gunung kang sira unggahi iku, supaya sira
kaklumpukake karo para leluhurira, padha
kaya Harun kakangira kang iya wus kelakon
mati ana ing gunung Hor, kaklumpukake
karo para leluhure, [51] iku marga sira ngowahi
kasetyanira marang Ingsun ana ing satengahe
wong Israel ing sacedhake sumber Meriba ing
Kadesy, ing pasamunan Zin, lan marga sira
ora nucekake Ingsun ana ing satengahe wong
Israel. [52] Sira Sunparengake nyawang nagara
iku ana ing ngarepira, nanging sira ora kalilan
lumebu mrana, menyang ing nagara kang
bakal Sunparingake marang wong Israel.”

Nabi Musa mberkahi taler-taler Israel

33:1-29

33 [1] Iki berkah kang kaparingake dening
Nabi Musa abdine Gusti Allah marang
wong Israel sadurunge seda; [2] pangandikane
mangkene: “Pangeran Yehuwah rawuh saka
ing gunung Sinai, nedhaki umate saka ing
Seir. Panjenengane ngatingal kalawan cahya
mencorong saka ing pagunungan Paran, lan
rawuh saka ing antarane para suci puluhan
ewu; ing tengahe katon geni murub. [3] Sanyata,
Panjenengane ngasihi marang umate, sakehe
para abdine kang suci, -- punika sami wonten
ing pamengku Paduka saha sami ngadhep
wonten ing ngarsaning sampeyan Paduka saha
nampeni punapa-punapa saking pangandika
Paduka. [4] Anggon kita padha kaparingan
angger-anggering Toret iku lumantar Nabi

Musa, iku dadi darbeke pasamuwane Rama
Yakub. 5 Panjenengane dadi ratu ana ing
Yesyurun, nalika para panggedhene bangsa
padha nglumpuk bebarengan, yaiku sakehe
talere Israel.
6 Kareben Ruben urip, aja mati, nanging
wonge cikben sathithik cacahe."
7 Lan iki kang tumrap Yehuda, unjuke: "Dhuh
Yehuwah, mugi miyarsakaken unjukipun
Yehuda, saha mugi Paduka wangsulaken
dhateng bangsanipun, asta Paduka mugi
nyarirani perangipun, saha Paduka mugi
karsaa mitulungi nglawan mengsahipun."
8 Tumrap Lewi, unjuke:
"Tumim saha Urim Paduka punika dadosa
gadhahanipun tiyang ingkang Paduka kasihi,
ingkang sampun Paduka cobi wonten ing
Masa saha ingkang sampun Paduka pabeni
wonten ing sacelakipun tuk ing Meriba;
9 ingkang ngucap bab bapa-biyungipun:
Aku ora mreduli; saha ingkang boten purun
tepang kaliyan para sadherekipun sarta boten
mreduli dhateng anak-anakipun. Awitdene
tiyang-tiyang Lewi punika sami ngestokaken
dhawuh Paduka saha netepi prajanjian Paduka.
10 Sami mulangaken pranatan Paduka dhateng
Yakub, saha angger-angger Paduka dhateng
Israel; sami kekutug wangen-wangen wonten
ing ngarsa Paduka saha nyaosaken kurban
ingkang kabesmi sadaya wonten ing misbyah
Paduka. 11 Dhuh Yehuwah, paduka mugi karsaa
mberkahi kakiyatanipun, saha pedalemanipun
mugi ndadosna ing kaparenging panggalih

Paduka. Tiyang ingkang sami nglawan tuwin
nyengiti mugi Paduka remuk bangkekanipun,
ngantosa sami boten saged ngadeg malih.”
12 Tumrap Benyamin iku pangandikane:
“Iku kekasihe Sang Yehuwah, kang tentrem
pamanggone ana ing ngarsane. Sang Yehuwah
kang tansah ngayomi sarta dedalem ana ing
ereng-erenging gununge.”
13 Tumrap Yusup, pangandikane:
“Nagarane muga kaberkahana dening Sang
Yehuwah kalawan pepethingan saka ing
langit; kalawan ebun lan banyuning samodra
agung kang saka ing dhasaring bumi; 14 saka
adi-adining pametune srengenge, lan kalawan
pepethinganing kang diwetokake dening
rembulan; 15 kalawan adi-adining pametune
gunung-gunung kang saka wiwitan mula,
kalawan pepethinganing pametune punthuk-
punthuk kang wus maabad-abad anane;
16 sarta kalawan pepethingane bumi saisine;
apadene sih-kadarmane Kang dedalem ana ing
grumbul eri. Kabeh iku tumuruna ing sirahe
Yusup, iya ing embun-embune kang pinunjul
dhewe ana ing antarane para sadulure.
17 Pambareping sapine kang dadi kaluhurane,
lan sungune kaya sungune bantheng; iku
bakal digawe nyundhang bangsa-bangsa ing
salumahing bumi, saka ing poncot tekan ing
poncot. Yaiku wong Efraim kang puluhan ewu
lan wong Manasye kang ewon.”
18 Tumrap Zebulun pangandikane:
“He Zebulun, bungah-bungaha marga
saka laku-lakumu, lan kowe Isakhar marga

saka tarub-tarubmu; [19] bangsa-bangsa
bakal diundang menyang gunung; ana
ing kono bakal padha nyaosake kurban
sembelehan kang bener, awit bakal padha
nesep kaluberaning sagara lan raja-brana
kang kapendhem ana ing jero pawedhen.”
[20] Tumrap Gad pangandikane:
“Pinujia Panjenengane kang maringi omber
marang Gad. Pamanggone Gad iku kaya
singa wadon lan nyempal bau, malah tekan
balung cumplung pisan. [21] Gad milih bagean
kang becik dhewe, marga ana ing kono
panyimpene bageane para senapati: nuli
nekani para panggedhene bangsa iku; sarta
nindakake kaleresane Sang Yehuwah apadene
pangadilane bebarengan karo wong Israel.”
[22] Tumrap Dhan pangandikane:
“Anadene Dhan iku anak singa kang mlumpat
metu saka ing Basan.”
[23] Tumrap Naftali pangandikane:
“Naftali iku kawaregan ing sih-kamirahane
Sang Yehuwah lan kaluberan ing berkahe;
tlaga lan tlatah kidul iku ebekana!”
[24] Tumrap Asyer pangandikane:
“Asyer iku binerkahana ana ing antarane
para putra, dadia kakasihe para sadulure, lan
nyelupna sikile ing lenga. [25] Wesi lan tembaga
dadia slaraking lawangmu, lan kasantosanmu
lestaria sajege uripmu.
[26] Ora ana kang madhani Gusti Allah, he
Yesyurun. Kang nenitih nglangkungi langit
mitulungi kowe, lan ngagem kaluhurane
ngambah ing mega. [27] Gusti Allah kang

langgeng iku dadi pangaubanmu, lan ing
ngisormu ana bau-bau kang langgeng.
Panjenengane nundhungi mungsuh saka
ing ngarepmu, sarta ngandika: Tumpesen!
28 Kalawan tentrem pamanggone Israel,
sumbere Yakub lestari, ora kareridhu ana ing
nagara kang kadunungan gandum lan anggur,
malah langite nurunake ebun. 29 Rahayu kowe,
he Israel, sapa kang madhani kowe, sawijining
bangsa kang kaluwaran dening Pangeran
Yehuwah, tameng pitulungan lan pedhanging
kaunggulanmu. Mulane mungsuhmu bakal
padha nungkul sumuyud marang kowe,
sarta kowe bakal lumaku ngambah ing
punthuk-punthuke."

Sedane Nabi Musa

34:1-12

34 1 Nabi Musa banjur tindak saka ing
tanah warata ing Moab, minggah ing
gunung Nebo, pucake pagunungan Pisga ing
penere Yerikho, tumuli ditedahi saindenging
nagara iku kabeh dening Sang Yehuwah:
dhaerah Gilead tutug ing Dhan, 2 tlatahe Naftali
kabeh, tanahe Efrayim lan Manasye, tanahe
Yehuda sawratane nganti tekan ing sagara
kulon; 3 tanah Negeb lan Lebak Yarden, lebak
Yerikho, kutha wit kurma, nganti tutug ing
Zoar. 4 Tumuli dipangandikani dening Pangeran
Yehuwah: "Iki nagara kang Sunprasetyakake
kalawan supaos marang Abraham, Iskak
lan Yakub, dhawuhingSun: Turunira bakal

Sunparingi nagara iku. Sira Sunparengake
ndeleng kalawan mripatira dhewe, nanging
sira ora bakal nyabrang mrana.”
5 Nabi Musa, abdine Sang Yehuwah banjur
seda ana ing kono, ing tanah Moab, miturut
pangandikane Pangeran Yehuwah. 6 Banjur
dipetak dening Panjenengane ana ing lebake
tanah Moab ing penere Bet-Peor, ora ana wong
kang weruh pasareane nganti tekan ing dina
iki. 7 Nalika seda Nabi Musa yuswane satus
rong puluh taun, paningale durung blawur lan
durung ilang kakiyatane. 8 Wong Israel tumuli
padha nangisi Nabi Musa ana ing tanah warata
Moab lawase telung puluh dina.
Kacarita dina patangisaning kasusahan marga
saka Nabi Musa wus rampung. 9 Anadene
Sang Yusak bin Nun iku kapenuhan ing
rohing kawicaksanan, marga wus ditumpangi
asta dening Nabi Musa, mulane wong Israel
padha manut marang Sang Yusak, sarta
netepi dhawuhe Pangeran Yehuwah kang
wus diprentahake dening Nabi Musa. 10 Ing
sabanjure wus ora ana nabi maneh kang
jumeneng ing antarane Israel kang madhani
Nabi Musa, kang ditepangi dening Pangeran
Yehuwah aben-ajeng, 11 ing bab sakehe
pratandha lan kaelokan, kang katindakake
marga saka dhawuhe Pangeran Yehuwah ana
ing tanah Mesir tumrap marang Sang Prabu
Pringon lan marang sakehe para abdine sarta
sawratane nagarane, 12 apadene ing bab
sakehe pandamele kang kwasa lan ing bab
sakehe prakara kang nggegirisi banget kang

ditindakake dening Nabi Musa ana ing ngarepe
wong Israel kabeh.

YUSAK

Sang Senapati Yusak kadhawuhan dening Pangeran Yehuwah supaya ngrebut tanah Kanaan

1:1-18

1 [1] Sawuse Nabi Musa, abdine Sang Yehuwah
seda, tumuli ana dhawuhe Sang Yehuwah
marang Senapati Yusak, bin Nun, abdine Nabi
Musa [2] mangkene: “AbdiningSun Musa wus
mati, mulane ing samengko sira mangkata
nyabrang ing kali Yarden iki, sira dalah
sabangsa iki kabeh, menyanga ing tanah kang
bakal Sunparingake marang wong-wong iku,
yaiku marang wong Israel. [3] Saben panggonan
kang bakal kaencikan ing tlapakanira iku
wus Sunparingake marang sira kabeh, kaya
kang dadi pangandikaningSun marang Musa.
[4] Wiwit ing ara-ara samun lan ing gunung
Libanon ing sisih kana tutug ing bengawan
gedhe, yaiku bengawan Efrat, satlatahe wong
Het kabeh lan tutug ing Segara Gedhe ing
panggonan suruping srengenge, kabeh iku
bakal dadi wewengkonira. [5] Sajegira urip
bakal ora ana wong, kang bisa lestari ana ing
ngarepira; kaya anggoningSun nunggil karo
Musa, iya kaya mangkono anggoningSun bakal
nunggil karo sira. Sira ora bakal Suntegakake
lan Suntilar. [6] Sira disantosa lan diteguh

atinira, amarga sira kang bakal nuntun
bangsa iki supaya bisa ndarbeni nagara kang
Sunjanjekake kalawan supaos marang para
leluhure, menawa bakal kaparingake marang
dheweke kabeh. 7 Mung bae sira disantosa
lan diteguh, tumindaka kalawan ngati-ati
condhong karo angger-angger kang wus
diprentahake abdiningSun Musa marang sira,
aja nyleweng ngiwa utawa nengen saka iku,
supaya sira oleh kabegjan menyanga ngendi
bae paranira. 8 Sira aja lali ngrembug kitab
Toret iki, sira gilut-giluta rina wengi, supaya
tumindakira ngati-ati condhong karo kang
tinulis ing kitab iku, amarga kanthi patrap
mangkono lakunira mesthi bakal lestari sarta
sira bakal oleh kabegjan. 9 Ingsun rak wus
dhawuh marang sira: disantosa lan diteguh?
Aja giris lan semplah, amarga Pangeran
Yehuwah, Allahira nunggil karo sira ing
saparanparanira."

10 Senapati Yusak banjur prentah marang
para tetindhihing bala, dhawuhe: 11 "Kowe
padha midera ing pakemahan lan wong-wong
padha prentahana mangkene: Padha cawisna
sangumu, amarga ing sajroning telung dina
kowe bakal padha nyabrang ing bengawan
Yarden iki, lan banjur ngejegi nagara kang
bakal kaparingake dening Sang Yehuwah Gusti
Allahmu marang kowe dadi darbekmu!"

12 Wong trahe Ruben lan wong trahe Gad
tuwin separone taler Manasye tumuli padha
didhawuhi Senapati Yusak, mangkene:
13 "Kowe padha ngelingana marang dhawuh

piwelinge Nabi Musa, abdine Pangeran
Yehuwah marang kowe yaiku: Pangeran
Yehuwah Gusti Allahmu wus ngganjar
katentreman marang kowe lan maringi tanah
iki: 14 Wong wadon lan anakmu kang isih cilik
ing antaramu apadene raja-kayamu padha
kena keri ana ing tanah peparinge Nabi Musa
marang kowe ana ing sabrangane bengawan
Yarden; nanging kowe, para prawira lan
kang gagah prakosa padha nyabranga ana
ing ngarepe para sadulurmu kalawan sikep
gegaman, iku padha biyantonana, 15 nganti
para sedulurmu iku iya padha kaparingan
katentreman kaya kowe kabeh sarta iya
ngenggoni nagara, kang bakal kaparingake
dening Sang Yehuwah Gusti Allahmu. Sawuse
mangkono kowe padha balia menyang ing
nagaramu dhewe lan ngenggoni nagara kang
diparingake dening Nabi Musa, abdine Sang
Yehuwah ana ing sabrange bengawan Yarden
ing papan pletheking srengenge.” 16 Wong mau
tumuli padha matur marang Senapati Yusak,
mangkene: “Punapa sadhawuh panjenengan
dhateng kula, badhe kula estokaken sarta
dhateng pundi-pundia kemawon anggen
panjenengan badhe ngutus, kula badhe sami
mangkat. 17 Kados anggen kula sami manut-
miturut dhateng Nabi Musa bab samukawis,
mekaten ugi kula sami manut-miturut dhateng
panjenengan; namung kemawon, mugi-mugi
Pangeran Yehuwah Gusti Allah panjenengan
karsaa nunggil kaliyan panjenengan sami
kados dene anggenipun nunggil kaliyan Nabi

Musa. 18 Sok sintena ingkang mbangkang
dhateng dhawuh panjenengan, sarta boten
manut dhateng dhawuh panjenengan ing bab
samukawis ingkang panjenengan prentahaken
punika, punika kadhawahana paukuman
pejah. Namung panjenengan mugi ingkang
teguh tuwin tatag ing panggalih."

Para telik ing Yerikho

2:1-24

2 1 Senapati Yusak bin Nun kalawan
sidheman banjur ngutus wong loro saka
Sitim kakarsakake nelik, pangandikane:
"Kowe padha mangkata, niti-priksaa nagara
iku lan kutha Yerikho." Wong mau tumuli
padha mangkat, lan teka ing omahe sawijining
wong wadon tunasusila, jenenge Rakhab
lan nginep ana ing kono. 2 Ratu ing Yerikho
tumuli kaaturan uninga, mangkene: "Kala wau
dalu wonten tiyang panunggilanipun bangsa
Israel dhateng nelik negari ngriki." 3 Ratu ing
Yerikho banjur utusan menyang ing omahe
Rakhab, dhawuhe: "Wong-wong kang padha
nekani sira lan padha teka ing omahira iku
padha ladekna mrene, amarga tekane arep
nelik negara kene kabeh." 4 Nanging wong
wadon mau wus nggawa wong loro mau, kang
banjur didhelikake. Ature: "Pancen wonten
tiyang jaler ndhatengi kula, nanging kula
boten mangertos saking pundi pinangkanipun;
5 lan sareng wancinipun gapuranipun badhe
kakancing saha sampun peteng, tiyang-tiyang

wau sami kesah; kula boten sumerep dhateng
pundi purugipun; kula aturi ngoyak, mesthi
badhe ketututan.” 6 Nanging satemene wong
mau padha dikon munggah ing payon lan
diumpetake ing ngisore tumpukan rami, kang
didekek ing payon kono. 7 Para utusan banjur
ngoyak wong mau ana ing dalan kang anjog
ing bengawan Yarden, nganti tumeka ing
pasabrangan, lan sawuse wong kang ngoyak
padha metu, gapurane nuli kakancing.
8 Sadurunge wong loro iku padha turu Rakhab
munggah marani wong-wong mau menyang
ing payon, 9 sarta kandha: “Kula sumerep,
bilih Sang Yehuwah sampun maringaken tanah
punika dhateng panjenengan, sarta kula sami
kataman giris margi saking panjenengan,
punapa dene sakathahing tiyang pribumi
ing ngriki sami gumeter wonten ing ngarsa
panjenengan, 10 amargi kula sampun sami
mireng wartos bab anggenipun Sang Yehuwah
ngasataken toyanipun seganten Teberau
wonten ing ngarsa panjenengan, nalika
panjenengan tindak medal saking tanah
Mesir, punapa dene pandamel panjenengan
dhateng ratunipun bangsa Amori kekalih
ingkang wonten ing sabrangipun benawi
Yarden, inggih punika Prabu Sihon lan Prabu
Og, ingkang sampun panjenengan tumpes.
11 Sareng kula sami mireng bab punika,
manah kula sami lemes tanpa daya sarta
boten wonten tiyang satunggal-tunggala
ingkang taksih gadhah krekat wonten ing
ngarsa panjenengan, amargi Sang Yehuwah,

Gusti Allah panjenengan, punika Gusti Allah
ingkang wonten ing langit ing nginggil saha
ing bumi ing ngandhap. [12] Ingkang punika
panjenengan mugi karsaa supaos atas
asmanipun Sang Yehuwah, sarehning kula
sampun nandukaken kasaenan dhumateng
panjenengan, panjenengan ugi badhe males
kasaenan dhateng kulawarga kula saha kula
mugi panjenengan paringi pratandha ingkang
kenging kapitados, [13] bilih panjenengan badhe
nggesangi tiyang sepuh kula, mekaten ugi
sadherek kula jaler estri dalah sakukubanipun
sadaya sarta badhe ngentasaken nyawa kula
saking bebaya pejah.” [14] Wangsulane telik loro
mau marang Rakhab: “Kula sami nanggel
gesang panjenengan klayan ngetohaken
nyawa kula, janji panjenengan boten
nglairaken prakawis kula punika; benjing
samangsa Sang Yahuwah sampun maringaken
negari punika dhateng kula, kula sami badhe
ngatingalaken panarimah saha kasetyan kula
dhateng panjenengan.” [15] Wasana telik-telik
mau banjur padha diudhunake sarana
dhadhung metu ing cendhela; amarga omahe
iku prenahe ana ing dhuwur baluwartine
kutha, dadi pamanggone ana ing baluwarti.
[16] Pangucape Rakhab marang wong mau:
“Panjenengan kula aturi tindak dhateng ing
pareden, supados sampun ngantos kepanggih
kaliyan ingkang sami ngoyak panjenengan;
wonten ing ngriku panjenengan kula aturi
umpetan tigang dinten, ngantos ingkang
ngoyak panjenengan sami mantuk, wasana

panjenengan kula aturi nglajengaken lampah.”
17 Wong loro mau nuli celathu marang Rakhab:
“Kula sami badhe luwar saking sumpah,
ingkang panjenengan pundhut dhateng kula
wau, -- 18 lah manawi kula sami lumebet ing
kitha ngriki, tamparan benang abrit punika
panjenengan tangsulaken angsal cendhela
ingkang kangge margi anggen panjenengan
ngandhapaken kula, punapa malih rama-ibu
panjenengan saha sadherek panjenengan
dalah sakukuban panjenengan sadaya sami
panjenengan kempalaken wonten ing dalem
panjenengan. 19 Sok sintena ingkang medal
saking korining dalem panjenengan, kedah
nanggel akibatipun piyambak; manawi
kawutahaken rahipun, kula boten sami badhe
kalepatan, nanging sok sintena ingkang
wonten ing dalem panjenengan punika,
manawi wonten ingkang ngganggu damel,
rahipun katempuhna dhateng kula. 20 Namung
kemawon manawi prakawis punika ngantos
panjenengan wartos-wartosaken, kula
lajeng sami luwar saking sumpah ingkang
dados pamundhut panjenengan dhateng
kula wau.” 21 Celathune wong wadon mau:
“Mugi kalampahana kados pangandika
panjenengan.” Wong loro mau tumuli padha
pamitan lan padha mangkat. Wong wadon
iku tumuli nalekake tamparan abang mau ing
cendhela. 22 Telik loro mau banjur padha lunga
njujug ing pagunungan sarta padha lereb ana
ing kono lawase telung dina, nganti saulihe
kang padha ngoyak, iku wis padha nglacak ing

sadalan-dalan, nanging ora ketemu. 23 Wong
loro mau nuli padha mulih mudhun saka ing
pagunungan lan padha nyabrang, sarta banjur
sowan marang ngarsane Sang Senapati Yusak
bin Nun, ngaturake pawarta bab apa kang
wus kelakon. 24 Ature marang Sang Senapati
Yusak: "Yehuwah sampun maringaken
saindenging nagari punika dhateng ing tangan
kita, malah sakathahipun tiyang saisinipun
negari punika sampun sami kekes wonten ing
ngajeng kita."

Nyabrang ing bengawan Yarden

3:1-17

3 1 Esuk-esuk Sang Senapati Yusak wus
wungu, banjur bidhal saka ing Sitim
kadherekake dening wong Israel kabeh.
Bareng padha tekan ing bengawan Yarden,
sadurunge nyabrang padha nginep ana
ing kono. 2 Sawuse antara telung dina
para tetindhihing wadya-bala banjur padha
mider-mider ing sakehing pakemahan, 3 lan
prentah marang wong sabangsa kabeh,
pangucape: "Samangsa kowe padha ndeleng
pethi prasetyane Sang Yehuwah, Gusti Allahmu
kausung dening para imam, kang pancen saka
taler Lewi, tumuli kowe iya padha budhala
saka ing panggonanmu ngetutake pethi mau.
4 Mung bae anaa lete ing antarane pethi lan
kowe, kira-kira rongewu asta, sarta pethi iku
aja kokcedhaki, perlune kowe supaya weruha
dalan kang bakal kokambah, amarga kowe

biyen durung tau ngambah ing dalan kono.”
5 Apadene Sang Senapati Yusak ngandika
marang para umat: “Padha sesucia, amarga
sesuk Pangeran Yehuwah bakal nindakake
kaelokan ana ing tengahmu.” 6 Para imam
banjur didhawuhi Sang Senapati Yusak,
mangkene: “Pethining prasetyan iku usungen
banjur padha nyabranga ana ing ngarepe
bangsa iku.” Para imam banjur padha ngusung
pethi prasetyan sarta lumaku ana ing ngarepe
bangsa iku.
7 Apadene Pangeran Yehuwah ngandika
marang Sang Senapati Yusak: “Ing dina iki
Ingsun bakal miwiti ngluhurake jenengira
ana ing ngarepe umat Israel kabeh, supaya
iku padha sumurupa, yen Ingsun bakal
nunggil karo sira, kayadene anggoningSun
nunggil karo Musa. 8 Para imam kang padha
ngusung pethi prasetyan padha prentahana:
“Satekamu ing pinggiring bengawan Yarden,
padha mandhega ing satengahing bengawan
kono.” 9 Sang Senapati Yusak banjur dhawuh
marang wong Israel: “Padha nyedhaka,
ngrungokna pangandikane Sang Yehuwah,
Gusti Allahmu.” 10 Sarta maneh pangandikane
Sang Senapati Yusak: “Iki dadia titikane
enggonmu padha sumurup, yen Gusti Allah
kang sipat gesang ana ing satengahmu,
lan mesthi bakal nundhungi wong Kanaan,
wong Het, wong Hewi, wong Feris, wong
Girgasi, wong Amori lan wong Yebus, saka ing
ngarepmu! 11 Lan pethi prasetyan kagungane
Gusti Allahing salumahing bumi lumaku ana

ing ngarepmu nyabrang ing bengawan Yarden.
12 Mulane saiki padha miliha wong rolas saka
ing taler-taler Israel, saben taler wong siji,
13 manawa tlapakane para imam kang ngusung
pethi prasetyaning Yehuwah, Gusti Allahing
salumahe bumi mandheg ana ing banyuning
bengawan Yarden, banyune dadakan banjur
bakal piyak, banyune kang saka ing dhuwur
temah bakal mandheg anggone mili dadi
bendungan.”
14 Nalika bangsa Israel padha budhal saka
ing pakemahan arep nyabrang ing bengawan
Yarden, para imam kang ngusung pethi
prasetyan lumaku ana ing ngarepe bangsa
mau. 15 Dumadakan bareng kang ngusung
pethi mau tutug ing bengawan Yarden, lan
tlapakaning para imam kang ngusung pethi
kacelup ing banyu ing pinggiring bengawan
-- sajrone mangsa panen bengawan Yarden
iku luber ing sauruting pinggire -- 16 banyu
kang mili saka ing dhuwur banjur mambeg.
Banyu kang mili saka ing dhuwur angendhukur
dadi bendungan, dawa banget nganti tekan
ing sacedhake kutha Adam, kang kaprenah
ana ing sisihe Sartan; dene banyu kang mili
menyang ing Segara Araba, yaiku Segara Asin,
iku pedhot babar pisan. Bangsa Israel tumuli
padha nyabrang prenahe ana ing ngarepe
kutha Yerikho. 17 Nanging para imam kang
ngusung pethi prasetyaning Yehuwah iku
padha mandheg ana ing gasikan ing tengahing
bengawan Yarden; dene wong Israel sabangsa
kabeh padha nyabrang ana ing gasikan, nganti

kabeh wus padha nyabrang ing bengawan
kono.

Bab watu pengetan rolas

4:1-24

4 [1] Bareng umat kabeh wus padha nyabrang
ing bengawan Yarden, Pangeran Yehuwah
tumuli ngandika marang Senapati Yusak,
mangkene: [2] "Sira mijia wong rolas saka
bangsa iku, saben taler wong siji, iku padha
prentahana mangkene: [3] Padha njupuka watu
rolas iji saka ing kene, saka ing satengahe
bengawan Yarden iki, saka ing panggonan
mandhege tlapakane para imam, padha
usungen menyang ing sabrange bengawan,
nuli selehna ana ing papan kang bakal kokinepi
mengko bengi."
[4] Sang Senapati Yusak banjur nimbali wong
rolas, kang wus piniji saka ing antarane wong
Israel, saben taler wong siji, [5] iku padha
didhawuhi mangkene: "Padha nyabranga
ing ngarepe pethine Sang Yehuwah, Gusti
Allahmu ing satengahe bengawn Yarden,
banjur njupuka watu siji manut cacahe talere
wong Israel, [6] supaya iku dadia pratandha ana
ing satengahmu. Menawa anak-anakmu besuk
padha takon: Sela punika tegesipun kados
pundi tumrap panjenengan? [7] Kowe nuli padha
kandhaa: Menawa banyune bengawan Yarden
kapedhot ana ing ngarepe pethi prasetyaning
Yehuwah; nalika pethi iku nyabrang ing
bengawan Yarden, banyune bengawan iku

tumuli kapedhot. Mulane watu-watu iki padha
dadia pangeling-eling marang wong Israel
ing salawase.” 8 Wong Israel tumuli padha
nglakoni sadhawuhe Sang Senapati Yusak,
padha ngusung watu saka ing satengahe
bengawan Yarden, kaya kang wus dadi
dhawuhe Pangeran Yehuwah marang Sang
Senapati Yusak, miturut cacahe talere wong
Israel, banjur padha diusungi menyang ing
sabrange bengawan menyang ing papan
panginepan lan diselehake ana ing kono. 9 Apa
maneh Sang Senapati Yusak banjur ngadegake
watu rolas ana ing satengahe kali Yarden, ing
tilas papan tumapake tlapakane para imam,
kang ngusung pethi prasetyan. Watu-watu
mau isih tetep ana ing kono nganti tumeka
saiki.
10 Para imam kang padha ngusung pethi
mau padha terus ngadeg ana ing satengahing
bengawan Yarden, nganti wus rampung
kalakon kabeh apa sadhawuhe Pangeran
Yehuwah marang Sang Senapati Yusak,
kang kudu kaprentahake marang bangsa
iku, condhong karo apa saprentahe Nabi
Musa marang Sang Yusak. 11 Bangsa Israel
nuli age-age padha nyabrang, pethine Sang
Yehuwah lan para imam tumuli padha lumaku,
sinawang dening para umat. 12 Uga wong
bani Ruben lan bani Gad lan saparoning bani
Manasye padha nyabrang kalawan asikep
gegaman ana ing ngarepe wong Israel,
ngetrepi apa kang wus kadhawuhake dening
Nabi Musa marang wong-wong mau. 13 Bala

prajurit kang siyaga ing perang cacahe watara
patang puluh ewu, iku padha nyabrang ana ing
ngarsane Sang Yehuwah menyang ing tanah
ngarene Yerikho, padha arep mangsah perang.
14 Ing dina iku Pangeran Yehuwah ngluhurake
asmane Sang Senapati Yusak ana ing ngarepe
wong Israel kabeh, temah ing sajege gesang
winedenan, kaya anggone wedi marang Nabi
Musa.
15 Pangeran Yehuwah banjur ngandika
marang Sang Yusak mangkene: 16 "Para imam
kang ngusung pethining angger-anggere Gusti
Allah padha dhawuhana mentas saka ing
bengawan Yarden." 17 Sang Senapati Yusak
tumuli dhawuh marang para imam mangkene:
"Padha mentasa saka ing bengawan Yarden!"
18 Bareng para imam kang ngusung pethi
prasetyaning Yehuwah wus padha mentas
saka ing tengahe bengawan Yarden lan lagi
bae tlapakane ngancik ing dharatan, banyune
bengawan Yarden banjur bali ing panggonane,
sarta mili kaya ing maune ngluberi ing pinggire
kabeh. 19 Bangsa mau anggone mentas saka
ing bengawan Yarden mbeneri tanggal ping
sepuluh sasi kapisan; banjur padha lereb ana
ing Gilgal, ing tapel-watese Yerikho kang sisih
wetan.
20 Sang Senapati Yusak nuli numpuk watu
rolas kang kajupuk saka ing bengawan
Yarden mau ana ing Gilgal, 21 lan banjur
ngandika marang wong Israel: "Manawa
besuk anak-anakmu padha takon marang
bapakne, apa tegese watu-watu iki, 22 iku

padha wenehana sumurup mangkene: Wong
Israel wus nyabrang ing bengawan Yarden iki
kalawan ngambah ing gasikan! -- 23 amarga
Sang Yehuwah, Gusti Allahmu kang ngasatake
bengawan Yarden ana ing ngarepmu, temah
kowe padha bisa nyabrang, padha kaya kang
ditindakake Sang Yehuwah Gusti Allahmu
tumrap Segara Teberau, kang diasatake
ana ing ngarepku kabeh, temah aku padha
bisa nyabrang, 24 iku supaya sakehe bangsa
ing sajagad ngawruhana yen astane Sang
Yehuwah iku kuwasa, temah padha tansah
eringa marang Sang Yehuwah Gusti Allahmu!”

Tetakan lan riyaya Paskah ing Gilgal

5:1-12

5 1 Bareng sakehe para ratune bangsa
Amori kang ana ing sakulone bengawan
Yarden lan sakehe ratune bangsa kang ana
ing pinggir sagara, padha mireng pawartane
Sang Yehuwah anggone ngasatake banyune
bengawan Yarden ana ing ngarepe wong
Israel, nganti sarampunge anggone nyabrang,
panggalihe temah padha lemes lan ilang
semangate ana ing ngarepe wong Israel.
2 Nalika samana dhawuhe Sang Yehuwah
marang Senapati Yusak mangkene: “Sira
gawea lading watu, wong Israel padha
tetakana maneh ping pindhone.” 3 Senapati
Yusak tumuli damel lading watu sarta netaki
wong Israel ana ing gunung Kulit Khatan.
4 Mungguh jalarane anggone wong Israel

padha ditetaki Sang Yusak iku mangkene:
Sakehe wong lanang kang padha budhal saka
ing tanah Mesir yaiku para kang lanang,
para prajurit iku wus padha mati ana ing
dedalan ing ara-ara samun, sabudhale saka
ing tanah Mesir. [5] Dhasar sakehing wong kang
metu saka ing tanah Mesir, iku wus padha
katetakan nanging wiwit budhale saka ing
tanah Mesir mau sakehe wong kang lair ana
ing dalan ing ara-ara samun iku padha durung
ditetaki. [6] Ujer nganti patang puluh taun
lawase wong Israel anggone padha lumaku
ngliwati ara-ara samun, nganti wong sabangsa
kabeh iku padha mati, yaiku golongan prajurit
kang padha metu saka ing tanah Mesir, kang
padha ora ngestokake marang pangandikane
Sang Yehuwah, temahan padha kadhawahan
supaos dening Sang Yehuwah; yaiku yen
mesthi bakal ora kalilan ndeleng tanah
kang wus kaprasetyakake dening Pangeran
Yehuwah marang para leluhure klawan
supaos, yen bakal diparingake marang kita,
tanah kang luber powan lan madu; [7] nanging
anak-anake iku kang didadekake gegentine,
yaiku kang padha ditetaki Sang Yusak, ujer
isih padha ikutan, amarga ana ing dalan
durung ditetaki. [8] Bareng wong sabangsa
kabeh wus padha katetakan, nuli padha lereb
ana ing panggonane dhewe-dhewe ana ing
pakemahan nganti sawarase. [9] Sang Yehuwah
banjur ngandika marang Senapati Yusak: "Ing
dina iki kanisthaning Mesir wus Sunbirat saka

sira.” Mulane panggonan kono iku katelah aran
Gilgal nganti saiki.
10 Sajrone wong Israel padha lereb ana ing
Gilgal kono, padha ngriyayakake Paskah ing
tanggal ping patbelas ing sasi kang lumaku
iku, ing wayah sore ana ing tanah ngare
ing Yerikho. 11 Ing dina sabubare Paskahan,
dadi ing dina iku uga banjur padha mangan
roti tanpa ragi lan gandum garangan saka
pametune tanah kono. 12 Ing dina candhake,
bareng wus padha mangan saka pametune
tanah kono iku, glepung man banjur ora tiba
maneh. Wong Israel dadine wus padha ora
kaparingan man maneh, nanging ing taun iku
padha mangan pametune tanah Kanaan.

Senapatining wadya-balane Sang Yehuwah

5:13-15

13 Nalika Sang Senapati Yusak ana ing
sacedhake nagara Yerikho, bareng pinuju
mirsan-mirsani, katon ana priya jumeneng
ing ngarsane, ngasta pedhang ligan, tumuli
dipurugi Sang Yusak kalawan pitaken:
“Panjenengan punika kanca punapan
mengsah?” 14 Wangsulane: “Dudu, Ingsun
iki Senapatining wadya-balane Pangeran
Yehuwah, lagi rawuh saiki.” Sang Yusak
tumuli sujud, wedanane konjem ing bumi,
nyembah sarta munjuk: “Gusti kawula karsa
ngandika punapa dhumateng ingkang abdi
punika?” 15 Senapatining wadya-balane Sang

Yehuwah banjur ngandika marang Sang Yusak: "Trumpahira copoten saka ing sikilira, amarga panggonan kang sira enciki iku suci." Senapati Yusak tumuli iya nglampahi mangkono.

Bedhahe kutha Yerikho

6:1-27

6 [1] Ing wektu iku kutha Yerikho wus ngancing gapurane, kutha iku wus kancingan marga saka wong Israel, ora ana wong metu utawa mlebu.

[2] Sang Yehuwah ngandika marang Senapati Yusak: "Lah kutha Yerikho dalah ratu lan para pahlawane kang gagah prakosa Sunulungake ing tanganira.
[3] Sira padha ngubengana kutha iku, yaiku sakehe prajurit padha ngubengana kutha iku kaping sapisan bae, iku lakonana nganti nem dina lawase,
[4] lan anaa imam pitu kang nggawa kalasangka sungu wedhus pitu kang lumaku ana ing ngarepe pethi. Nanging ing dina kang kapitu anggonira padha ngubengi kutha iku kudu kaping pitu sarta para imam mau banjur padha ngunekna kalasangkane.
[5] Dene samangsa ana tengara kalasangka sungu wedhus muni melung, nalika sira padha krungu tengara kalasangka iku, wong kabeh nuli padha surak-suraka kang sora, sanalika balowartine kutha iku bakal jugrug, wong sabangsa banjur padha munggaha, saben wong lumakua manut ing enere dhewe-dhewe."

[6] Senapati Yusak bin Nun tumuli nimbali
para imam kang padha didhawuhi mangkene:
“Pethine prasetyan usungen lan anaa imam
pitu kang padha nggawa kalasangka sungu
wedhus pitu kang lumaku ana ing ngarepe
pethine Sang Yehuwah.” [7] Nuli dhawuh marang
wong kabeh: “Padha lumakua, kutha iki
ubengana dene kang asikep gegaman padha
lumakua ana ing ngarepe pethine Sang
Yehuwah.” [8] Sawuse Sang Yusak dhawuh
mangkono mau, imam pitu kang padha
nggawa kalasangka sungu wedhus nuli
enggal-enggal lumaku ana ing ngarsaning
Yehuwah lan banjur ngunekake kalasangka,
dene pethi prasetyane Pangeran Yehuwah
ngetutake ana ing burine. [9] Kang padha
sikep gegaman lumaku ana ing ngarepe
para imam kang ngunekake kalasangka,
sarta wadyabala panutup padha lumaku ing
saburining pethi, anadene kalasangkane
kaunekake terus. [10] Nanging Sang Yusak wus
dhawuh marang wong kabeh mangkene:
“Kowe aja padha surak-surak, malah aja
nganti keprungu suwaramu lan aja ana
tembung kang kawetu saka ing cangkemmu
sanajana mung sakecap, nganti tumeka ing
wektune anggonku dhawuh marang kowe:
Padha surak-suraka! -- kowe banjur padha
surak-suraka.” [11] Pethine Pangeran Yehuwah
dadine dilakokake ngubengi kutha mau mung
kaping sapisan, sawuse banjur padha bali
menyang ing pakemahan sarta padha nginep
ana ing pakemahan kono.

12 Esuke Sang Senapati Yusak isih esuk
uthuk-uthuk wus wungu, lan para imam
tumuli padha ngusung pethine Pangeran
Yehuwah; 13 sarta imam pitu kang nggawa
kalasangka sungu wedhus pitu padha lumaku
ana ing ngarepe pethine Sang Yehuwah,
kambi ngunekake kalasangkane, dene kang
asikep gegaman padha lumaku ana ing
ngarepe, dene wadya-bala panutup lumaku
ing saburine pethine Sang Yehuwah, lan
tansah binarengan swaraning kalasangka.
14 Mengkono dadine ing dina kapindho iya
mung sapisan anggone ngubengi kutha mau,
banjur padha bali menyang ing pakemahan
maneh. Kaya mangkono iku patrape ngangti
nem dina lawase.
15 Nanging bareng ing dina kapitune kabeh
padha tangi wayah bangun esuk, nalika
wetune bang-bang wetan, tumuli padha
ngubengi kutha, patrape kaya mangkono iku
uga nganti rambah ping pitu; mung ing dina
iku nganti rambah kaping pitu anggone padha
ngubengi kutha mau. 16 Nalika kaping pitune,
bareng para imam ngunekake kalasangka,
Senapati Yusak banjur dhawuh marang wong
kabeh: "Padha surak-suraka, amarga Pangeran
Yehuwah wus maringake kutha iki marang
kowe! 17 Nanging kutha iku lan saisine kabeh,
bakal mligi kagem Pangeran prelu kasirnakake
mung Rakhab si wanita tunasusila iku kang
bakal lestari urip, dalah sakehe wong kang
tunggal saomah karo dheweke, amarga wus
ndhelikake utusan kang padha kita lakokake.

18 Mung bae kowe padha dingati-ati aja nganti
kalepetan, barang kang mligi kadadekake
leburan, kowe aja njupuk sawijining barang
leburan iku, sawuse kabeh iku padha
kokmligekake, supaya ora ndadekake sirna lan
bilaine pakemahaning wong Israel. 19 Sakehe
selaka lan emas, apadene piranti tembaga
lan wesi iku dadia sesengkerane Pangeran
Yehuwah; kabeh iku bakal kalebokake ing
pasimpenaning Yehuwah.” 20 Wong kabeh
tumuli padha surak-surak binarung swarane
kalasangka mau; sawuse wong sabangsa
kabeh krungu swaraning kalasangka banjur
padha surak-surak kalawan sora. Dumadakan
balowartine jugrug, lan wong kabeh tumuli
padha munggah ing kutha, siji-sijine lumaku
ngenut enere dhewe-dhewe lan ngrebut
kutha mau. 21 Saisine kutha banjur kalebur
kabeh, wong lanang lan wong wadon, bocah
lan wong tuwa, dalasan sapi, wedhus lan
kuldi, padha katumpes klawan landheping
pedhang. 22 Nanging Sang Senapati Yusak
banjur ngandika marang wong loro kang biyen
padha nelik nagara mau: “Padha lumebua
ing omahe wong wadon tunasusila kae, wong
iku gawanen metu saka ing kono dalasan
sakulawargane kabeh, kaya kang wus dadi
supatamu marang dheweke.” 23 Wong nom
kang dadi telik mau banjur padha mlebu,
Rakhab, bapa-biyunge sarta sadulure dalah
sakehing wong kang tunggal saomah karo
dheweke, iya sakulawargane kabeh padha
digawa metu, nuli dipapanake ing sajabaning

pakemahane wong Israel. 24 Nanging kuthane
dalah saisine kabeh tumuli diobong ing geni,
mung kang arupa selaka lan mas tuwin piranti
tembaga lan wesi iku padha dilebokake ing
pasimpenaning rajabrana ing padalemane
Pangeran Yehuwah. 25 Kaya mangkono dadine
Rakhab wong wadon tunasusila sakulawargane
sarta kabeh kang melu dheweke kabeh iya
padha diparengake lestari urip dening Sang
Yusak, banjur tetep pamanggone ana ing
tengahe bangsa Israel nganti saprene, amarga
saka anggone ndhelikake wong kang diutus
dening Sang Yusak nelik kutha Yerikho.

26 Ing nalika samana Sang Senapati Yusak
asupaos pangandikane: "Wong kang bakal
tumandang mbangun kutha Yerikho iki,
kenaa ing laknat ana ing ngarsane Pangeran
Yehuwah; anggone masang tetalese kutha
kalawan masrahake anake pembarep lan
anggone ngadegake gapurane kalawan
masrahake nyawane anake wuragil!"

27 Anadene Sang Yehuwah nunggil karo
Senapati Yusak, sarta pawartane banjur
kawentar ana ing sawratane negara kono.

Dosa lan paukumane Akhan

7:1-26

7 1 Nanging wong Israel padha nerak
kasetyane, yaiku njupuk barang-barang
sengkeran mau, amarga Akhan bin Karmi, bin
Zabdi, bin Zerah, saka taler Yehuda, njupuk

barang kang kasengker iku. Mulane Pangeran
Yehuwah banjur duka marang wong Israel.
2 Kacarita Sang Senapati Yusak utusan
wong saka ing Yerikho menyang ing Ai, kang
kaprenah ana ing sacedhake Bet-Awen, ing
sawetane Betel, wong-wong mau padha
diweling mangkene: “Padha mangkata mrana,
negara iku teliken.” 3 Wong mau banjur padha
mangkat, nelik kutha Ai. Sawuse nelik nuli
padha bali sowan ing ngarsane Sang Yusak,
lan matur: “Ingkang nglurugi boten prelu
tiyang sabangsa sadaya, namunga watawis
tiyang kalih ewu utawi tigang ewu kemawon,
ingkang mangkat mbedhah kutha Ai punika;
sampun ngantos damel rekaosipun tiyang
sabangsa sadaya, sami kalampahaken mrika,
awit ing ngriku tiyangipun namung sakedhik.”
4 Mulane kang nglurug mung watara wong
telung ewu; nanging iku padha keplayu ana
ing ngarepe wong ing Ai. 5 Amarga wong Ai
padha oleh pepati panunggalane wong iku
mau watara telung puluh nenem; wong Israel
dioyak wiwit saka ing ngarepe gapuraning
kutha nganti tutug ing Syebarim, anggone
padha nggecak ana ing ereng-ereng. Atine
para umat dadi pepes. 6 Senapati Yusak
nuli nyuwek pangagemane sarta sujud
sumungkem konjem ing bumi ana ing ngarepe
pethining Yehuwah nganti tumeka ing wayah
sore, bebarengan karo para tuwa-tuwane
Israel, kambi nguwur-nguwuri lebu ing
mustakane. 7 Sang Yusak banjur matur:
“Dhuh Gusti kawula Sang Yehuwah, punapaa

dene bangsa punika ngantos Paduka dhawuhi
nyabrang ing benawi Yarden? punapa supados
kawula sami kaulungaken ing tanganipun
tiyang Amori, lajeng sami kasirnakaken?
Langkung sae manawi kawula sami mutus
tetep wonten ing sisih ngrikanipun benawi
Yarden punika kemawon! 8 Dhuh Gusti, kawula
badhe matur punapa, sasampunipun tiyang
Israel keplajeng mengkeraken mengsahipun?
9 Manawi bab punika kapireng tiyang Kanaan
saha sakathahipun tiyang nagari punika,
boten sande kawula sami badhe dipun kepang
sarta nama kawula badhe kasirnakaken
saking bumi. Punapa ingkang badhe Paduka
tindakaken damel mulihaken asma Paduka
ingkang agung punika?”
10 Tumuli Sang Yehuwah ngandika marang
Senapati Yusak: “Sira ngadega, yagene sira
kok ungkeb-ungkeb mangkono? 11 Wong Israel
wus padha gawe dosa, wus padha nerak
prasetyaningSun kang wus Sundhawuhake
marang dheweke kabeh, iya iku padha njupuk
barang kang sinengker, padha nyolong, banjur
didhelikake diworake karo barang darbeke.
12 Mulane wong Israel ora bisa tahan ana
ing ngarepe mungsuhe, padha ngungkurake
mungsuhe, amarga wus padha katetepake
bakal katumpes, Ingsun ora bakal nunggil karo
sira maneh, manawa sira padha ora nyirnakake
barang sengkeran iku saka ing tengahira.
13 Wis sira ngadega, bangsa iku sucekna
lan dhawuhana mangkene: Padha sesucia
tumeka ing dina sesuk, amarga pangandikane

Pangeran Yehuwah Allahe Israel mangkene:
Ing tengahira ana barang sengkeran, he
Israel, sira bakal ora bisa tahan ana ing
ngarepe mungsuhira sadurunge sira padha
nyingkirake barang sengkeran iku saka ing
tengahira. 14 Sesuk esuk padha majua miturut
talerira dhewe-dhewe, anadene taler kang
bakal dituding dening Pangeran Yehuwah iku
majua miturut gotrahe dhewe-dhewe, sarta
gotrah kang bakal dituding dening Pangeran
Yehuwah iku majua miturut kulawargane
dhewe-dhewe. Sabanjure kulawarga kang
katuding dening Sang Yehuwah iku wonge
padha majua ijen-ijen. 15 Lan sing sapa bakal
katuding, yen kanggonan barang sengkeran
mau, iku kaobonga ing geni, awake dhewe
dalah sabarang darbeke kabeh, amarga
nerak prasetyane Sang Yehuwah lan nglakoni
pangewan-ewan ana ing antarane wong
Israel."

16 Senapati Yusak tumuli wungu wayah
bangun esuk, banjur nimbali wong Israel
padha kadhawuhan maju miturut talere, dene
kang dituding iku taler Yehuda. 17 Bareng
gotrah-gotrahe Yehuda padha ditimbali
maju, gotrahe Zerah kang tinemu. Gotrahe
Zerah mau bareng ditimbali maju miturut
kulawarga, kulawargane Zabdi kang tinemu.
18 Kulawargane iku bareng ditimbali maju
wonge lanang ijen-ijen nuli kang tinemu
Akhan, bin Karmi, bin Zabdi, bin Zerah
panunggalane taler Yehuda. 19 Pangandikane
Senapati Yusak marang Akhan: "Anakku ngger,

saosa urmat marang Pangeran Yehuwah, Gusti
Allahe Israel lan ngakua ana ing ngarsane;
mara matura marang aku apa kang koklakoni,
aja selak ana ing ngarepku!” 20 Akhan
banjur mangsuli marang Senapati Yusak
ature: “Saestu, kula damel dosa dhumateng
Pangeran Yehuwah, Gusti Allahipun Israel,
sabab makaten ingkang kula lampahi: 21 ing
antawasipun barang jarahan punika kula
tingali wonten jubahipun satunggal ingkang
endah, damelan ing Sinear, sarta selaka kalih
atus sekel, punapa dene jene salonjor ingkang
wawratipun seket sekel; awit saking kepengin
kula lajeng kula pendhet; lan barangipun sami
kula dhelikaken wonten ing siti ing lebetipun
kemah kula, selakanipun wonten ing ngandhap
piyambak.”

22 Senapati Yusak banjur utusan uwong
menyang ing kembah iku lan nyata barang-
barange didhelikake ana ing kemahe Akhan,
selakane ana ing ngisor dhewe. 23 Kabeh iku
tumuli dijupuki saka ing kemahe, digawa
menyang ing ngarsane Sang Yusak lan
menyang ing ngareping sakehe wong Israel,
banjur disuntak ana ing ngarsane Sang
Yehuwah. 24 Senapati Yusak lan wong Israel
kabeh tumuli padha nyekel Akhan bin Zerah
sarta selakane, jubahe kang endah lan
mase salonjor mau, dalah anake lanang
lan wadon, sapine, kuldine lan wedhuse,
apadene kemahe lan saduwek-duweke
kabeh, banjur digawa menyang ing lebak
Akhor. 25 Pangandikane Sang Senapati Yusak:

“Kayadene anggonmu nekakake bilai marang
aku kabeh, mangkono uga Sang Yehuwah
ing dina iki uga ndhatengake bilai marang
kowe.” Akhan tumuli kabenturan watu dening
wong Israel kabeh, banjur diobong ing geni
lan dikrutugi watu. [26] Sawuse iku ing dhuwure
diadegi tumpukan watu gedhe-gedhe kang
isih nganti saprene. Mulading bebendune Sang
Yehuwah banjur sirep. Mulane panggonan
kono katelah lebak Akhor nganti tumeka ing
dina iki.

Kutha Ai disirnakake

8:1-29

8 [1] Sawuse mangkono Sang Yehuwah
ngandika marang Senapati Yusak: “Sira
aja wedi lan semplah atinira, sakehe bala
gawanen, tumuli samektaa, ngluruga menyang
ing kutha Ai. Kawruhana, ratu ing Ai dalah
para kawulane, kuthane lan nagarane padha
Sunulungake ing tanganira. [2] Kutha Ai dalah
saratune iku padha sira patrapana kaya
dene kang wus sira trapake marang kutha
Yerikho lan ratune, mung barang-barange
lan rajakayane iku kena sira jarah. Sira
barisa pendhem ana ing pungkurane kutha.”
[3] Senapati Yusak tumuli siyaga dalah sakehe
wadyabala, arep nglurug menyang kutha
Ai, Sang Yusak milih wong telung puluh
ewu, pahlawan-pahlawan kang gagah
prakosa, iku padha dilakokake ing wayah
bengi; [4] sarta padha didhawuhi mangkene:

“Kawruhana kowe padha barisa pendhem
ana ing pungkurane kutha lan nempuh kutha
iku, aja nganti kadohan saka ing kutha sarta
kabeh padha siyagaa. 5 Dene aku lan sakehe
bala kang ndherek aku bakal padha nyedhaki
kuthane, nuli samangsa wonge padha metu
methukake aku kabeh kaya kang dhingin,
aku bakal padha lumayu saka ing ngarepe.
6 Dadi wong-wong iku bakal padha metoni
ngoyak aku kabeh, temah bakal dakpancing
nganti adoh saka ing kutha, ujer bakal duwe
pangucap: Wonge padha keplayu saka ing
ngarep kita kaya sing uwis. Dene manawa aku
padha lumayu saka ing ngarepe, 7 kowe tumuli
padha menyata saka ing pandhelikanmu,
kuthane brokana. Pangeran Yehuwah Gusti
Allahmu mesthi bakal ngulungake marang ing
tanganmu. 8 Dene sawise kuthane kokrayut,
banjur obongen; kabeh iku padha tindakna
ngetrepi dhawuhe Pangeran Yehuwah;
gatekna, iku prentahku marang kowe.” 9 Kaya
mangkono dhawuhe Sang Yusak marang
wong-wong mau, banjur padha mangkat
menyang pandhelikane ana ing antarane kutha
Betel lan Ai, ing sakulone kutha Ai. Nanging
ing wayah bengi iku Senapati Yusak nyare ana
ing satengahe rakyat.

10 Esuke ing wayah bangun Sang Yusak
wungu, nuli mriksa barisaning rakyat,
sarta banjur bidhal menyang ing kutha Ai,
kadherekake dening para tetuwane Israel,
tindake ana ing ngarepe wadyabala. 11 Uga
sakehe wadyabala kang ndherek tindake

padha maju terus; padha mangsah ngangseg
nganti tekan ing ngarepe kutha, banjur padha
lereb ana ing salore kutha Ai, dadi lebake ana
ing antarane wong-wong mau lan kutha Ai.
12 Sang Senapati Yusak wus mundhut bala
watara limang ewu kang padha didhawuhi
baris pendhem ana ing antarane kutha Betel
lan Ai, ing sakulone kutha. 13 Dene carane
mapagake bala iku mangkene: balane kabeh
ana ing salore kutha lan barise pendhem ana
ing sakulone kutha. Ing wayah bengi iku Sang
Yusak lumampah miyos ing lebak kono. 14 Ing
wayah esuk bareng ratu ing Ai mirsa kang
kaya mangkono iku, banjur enggal-enggal
miyosi perang karo rakyate kabeh, wong-wong
ing kutha kono, sarta banjur nempuh wong
Israel ana ing ereng-ereng ing ngarepe lebak;
Sang Prabu ora mirsa yen ing burine kutha ana
barisane pendhem. 15 Sang Senapati Yusak
lan wong Israel kabeh nuli api-api kalah ana
ing ngarepe bala ing Ai sarta banjur padha
mlayu ngener ing ara-ara samun. 16 Mulane
sakehe wong kang ana ing jero kutha padha
dikerigake lan padha ngoyak wong Israel;
tumuli padha ngoyak Sang Yusak, nganti saya
adoh anggone kapancing saka ing kutha.
17 Ora ana siji-sijia wong kang keri ana ing
Betel lan Ai, kang ora metu ngoyak wong
Israel; kuthane ditinggal suwung, amarga
wong-wong padha ngoyak wong Israel.

18 Ing kono nuli ana dhawuhe Sang Yehuwah
marang Senapati Yusak: “Tumbak kang ana
ing tanganira iku acungna marang kutha Ai,

amarga kutha iku Sunulungake ing tanganira."
Senapati Yusak banjur ngacungake tumbak
kang ana ing astane marang ing kutha Ai.
19 Bareng astane kaacungake baris pendhem
mau banjur age-age jumedhul saka ing
pandhelikane, mak nyat padha lumayu
lumebu ing kutha, kang banjur karebut lan
enggal-enggal diobong. 20 Bareng wong ing
Ai padha noleh ndeleng, lah pegane kutha
kumelun marang ing langit; wong-wong iku
wus ora bisa mlayu mrene utawa mrana,
amarga bala kang lumayu menyang ara-ara
samun padha cengkelak bali nempuh marang
kang padha ngoyak. 21 Bareng Sang Yusak
lan wong Israel kabeh weruh yen kuthane
wus kena karayud dening baris pendhem lan
pegane kutha kumelun, tumuli padha minger
lan nggecak wong-wong Ai. 22 Apamaneh wong
Israel liyane uga padha metu saka kutha melu
nggecak wong-wong Ai, temah padha kecepit
ana ing satengahe wong Israel, sing iki saka
ing kene, sing kae saka ing kana, banjur padha
dipateni, nganti wus ora ana siji-sijia kang
oncat utawa luwar. 23 Nanging ratu ing Ai nuli
dicepeng gesang-gesangan, banjur diladekake
marang ing ngarsane Sang Senapati Yusak.
24 Bareng bangsa Israel wus rampung
anggone mateni sakehing wong ing kutha Ai
ana ing ara-ara kang ngeblak, -- anggone
padha ngoyak mrono iku -- lan sawuse kabeh
padha dipateni kalawan landheping pedhang,
nganti tumpes tapis, wong Israel kabeh tumuli
padha bali menyang ing kutha Ai lan nggecak

kutha iku kalawan landheping pedhang.
25 Cacahe wong kang padha kapatenan ing
dina iku, lanang wadon ana rolas ewu, kabeh
wong ing kutha Ai. 26 Senapati Yusak tansah
ngagagake astane kang ngasta tumbak, nganti
sakehe wong kang manggon ing kutha Ai wus
padha kasirnakake kabeh. 27 Mung rajakaya
lan barang-barang isining kutha iku padha
dijarah wong Israel, nocogi pangandikane
Pangeran Yehuwah kang wus kadhawuhake
marang Senapati Yusak. 28 Kutha Ai banjur
diobong dening Sang Yusak, kadadekake
gempuran ing salawase, dadi papan kang
suwung blung tumeka ing dina iki. 29 Dene ratu
ing Ai iku digantung ing saka, nganti tumeka
ing wayah sore. Bareng wayah suruping
srengenge, Sang Yusak dhawuh ngudhunake
layone saka ing saka mau, banjur dibuwang
ing ngarepe gapuraning kutha sarta diadegi
tumpukan watu gedhe-gedhe, kang isih lestari
nganti tumeka saprene.

Misbyah ing gunung Ebal.

Angger-anggering Toret kawaca

8:30-35

30 Sawuse mangkono Sang Senapati Yusak
tumuli yasa misbyah konjuk marang Pangeran
Yehuwah, Gusti Allahe Israel ana ing gunung
Ebal, 31 kaya kang wus didhawuhake dening
Nabi Musa, abdine Pangeran Yehuwah marang
wong Israel, iya kaya kang wus tinulisan ana

ing Kitab Torete Nabi Musa; misbyah iku kang
digawe watu wutuhan, kang ora kagepok ing
piranti wesi apa bae; wong-wong banjur padha
nyaosake kurban obaran marang Pangeran
Yehuwah ana ing misbyah kono, sarta padha
ngurbanake kurban slametan. 32 Watune
padha ditulisi turunane angger-anggere Nabi
Musa, panyerate Sang Yusak iki sineksenan
dening wong Israel. 33 Wong Israel kabeh,
para tetuwane, para tetindhihe wadyabala
lan para hakime padha ngadeg ana ing
sakiwa-tengening pethi, adu arep karo para
imam kang pancen saka suku Lewi kang
ngusung pethi prasetyaning Sang Yehuwah,
iya wong ngamanca iya wong pribumi,
salong madhep marang gunung Gerizim,
salong madhep marang gunung Ebal kaya
kang biyen didhawuhake dening Nabi Musa,
abdining Sang Yehuwah, manawa wong
mberkahi bangsa Israel. 34 Sawuse mangkono
Senapati Yusak banjur maosake sakehe
isining angger-anggere Toret, iya berkahe
iya laknate, condhong karo kang tinulisan
ana ing kitab angger-angger. 35 Kabeh kang
wus kaprentahake dening Nabi Musa ora
ana satembung bae kang ora diwaos dening
Senapati Yusak ana ing ngarepe pasamuwane
Israel kabeh, sarta ing ngarepe para wong
wadon lan bocah-bocah, tuwin bangsa
ngamanca kang padha melu ing lakune.

Akale wong Gibeon

9:1-27

9 1 Bareng bab iku kapireng dening para
ratu kang ana ing sakulone bengawan
Yarden, ing pagunungan, ing tanah ngare lan
ing sauruting pesisire segara Gedhe tumeka
ing sisih kanane gunung Libanon, yaiku
ratune bangsa Het, bangsa Amori, bangsa
Kanaan, bangsa Feris, bangsa Hewi lan bangsa
Yebus, 2 para ratu mau nuli saiyeg padha arep
nempuh prang nglawan Sang Yehuwah lan
wong Israel.
3 Nanging wong Gibeon bareng padha
krungu apa kang katandukake dening
Sang Yusak marang Yerikho lan Ai, 4 tumuli
padha nindakake akal: padha cepak-cepak
sangu, kuldine padha dimoti karung kang
elek-elek, karo impes wadhah anggur kang
elek-elek kang wus jithet-jithetan; 5 sikile
padha dianggoni trumpah kang elek-elek lan
tambalan, sarta padha nganggo sandhangan
kang wus lungsed; lan sangune roti kabeh wus
garing, kari gogrogan thok. 6 Kaya mangkono
anggone padha sowan marang ing ngarsane
Senapati Yusak ana ing pakemahan ing Gilgal.
Ature marang Senapati Yusak lan para wong
Israel: "Kula punika sami dhateng saking
tanah tebih, lah sapunika panjenengan karsaa
damel prajanjian kaliyan kula." 7 Nanging wong
Israel tumuli padha celathu marang wong
Hewi mau: "Bokmanawi panjenengan punika

sami manggen wonten ing tengah-tengah kula
ngriki, kadospundi anggen kula saged damel
prajanjian kaliyan panjenengan?” 8 Wonge
padha matur marang Senapati Yusak: “Kula
sami dadosa abdi-abdi panjenengan.” Tumuli
padha didangu: “Panjenengan punika sinten
saha rawuh panjenengan saking pundi?”
9 Atur wangsulane: “Para abdi panjenengan
punika dhateng saking tanah ingkang tebih
sanget, awit saking asmanipun Yehuwah,
Gusti Allah panjenengan; amargi kula sampun
sami mireng wartosipun, inggih samukawis
ingkang sampun dipun tindakaken wonten
ing tanah Mesir, 10 saha samukawis ingkang
katandukakaken dhateng ratunipun bangsa
Amori kekalih ingkang wonten ing sabrangipun
benawi Yarden, Sang Prabu Sihon, ratu ing
Hesybon kaliyan Sang Prabu Og, ratu ing
nagari Basan, ingkang akedhaton wonten
ing Asytarot. 11 Milanipun para sesepuh kula
kaliyan sakathahipun tiyang ing tanah kula
sami meling dhateng kula, makaten: Padha
nggawaa sangu kanggo ana ing dedalan lan
padha methukna bangsa iku sarta padha
matura: Kawula sami dados abdi panjenengan,
mugi karsaa damel prajanjian kaliyan kula.
12 Punika roti kula, anggen kula mbekta saking
griya kangge sangu taksih anget, nalika
kula sami mangkat badhe lumampah sowan
dhateng ing ngarsa panjenengan, kapirsanana
sapunika sampun garing kantun gogrogan
thok. 13 Lah punika impes wadhah anggur,
punika kala kula iseni sami taksih enggal,

mangga sapunika kapirsanana sampun sami
bedhah, makaten ugi sandhangan kaliyan
trumpah kula punika ugi sami sampun awon,
jalaran saking lelampah ingkang tebih punika."
14 Wong Israel tumuli padha njupuk sangune
wong-wong mau, nanging padha ora nyuwun
putusan marang Sang Yehuwah. 15 Senapati
Yusak banjur memitran karo para wong iku
mau sarta damel prajanjian manawa bakal
padha diuripi, malah para panggedhene padha
prajanji klawan sumpah.
16 Nanging sawise oleh telung dina anggone
padha gawe prajanjian karo wong-wong
iku mau, tumuli padha krungu warta, yen
wong-wong iku padha manggon ana ing
cedhakan bae, malah padha manggon ana
ing satengahe. 17 Amarga bareng wong Israel
wus padha budhalan, ing telung dinane padha
tekan ing kutha-kuthane wong-wong mau;
dene kuthane yaiku: Gibeon, Kefira, Beerot
lan Kiryat-Yearim. 18 Wonge padha ora dipateni
dening wong Israel, amarga wus padha tampa
prajanjian saka para panggedhening umat
klawan sumpah atas asmane Yehuwah, Gusti
Allahe Israel. Wong saumat kabeh padha
pating kedumel marang para panggedhe mau.
19 Sakehe para panggedhe padha mituturi
wong saumat kabeh: "Aku wus padha prajanji
marang para wong iku klawan sumpah atas
asmane Sang Yehuwah, Gusti Allahe Israel,
saiki aku padha ora kena ngarubiru wong iku.
20 Mangkene kang bakal padha daktindakake:
Wong iku kareben padha diuripi, supaya kita

aja nganti padha katiban ing bebendu gedhe
awit saka sumpah kang wus padha daklairake
marang wong-wong iku.” 21 Para panggedhe
nuli padha nyambungi maneh: “Kareben
paha lestari urip.” Wong-wong iku padha
didadekake tukang amek kayu lan pangangsu
lumadi marang wong saumat kabeh, kaya
kang wus dadi katetepane para panggedhe
mau tumrap wong-wong iku. 22 Senapati
Yusak banjur nimbali wong-wong mau, kang
tumuli padha dipangandikani mangkene:
“Yagene kowe kok padha ngapusi marang aku,
pangucapmu: Panggenan kula tebih sanget
saking panjenengan, jebulane kowe padha
manggon ana ing tengahku kene? 23 Kang
iku kowe padha kenaa ing ipat-ipat lan kowe
salawase padha dadi batur, yaiku tukang
amek kayu lan juru pangangsu lumadi marang
padalemane Gusti Alahku.” 24 Wangsulane
wong-wong mau marang Senapati Yusak:
“Para abdi panjenengan sami angsal wartos
ingkang gumathok, bilih Pangeran Yehuwah,
Gusti Allah panjenengan, sampun paring
dhawuh dhateng Nabi Musa, abdinipun,
supados maringaken nagari punika sadaya
dhateng panjenengan, sarta nyirnakaken
sakathahipun tiyang ingkang manggen ing
nagari punika saking ing ngarsa panjenengan;
mila kula sami ajrih sanget manawi badhe
kecalan nyawa kula wonten ing ngarsa
panjenengan; inggih punika sababipun kula
lajeng gadhah patrap ingkang kados mekaten
punika. 25 Lah sapunika kula sami wonten ing

asta panjenengan, sami kadamela kados pundi
ingkang kagalih prayogi tuwin leres ingkang
badhe katandukake dhateng kula sadaya.”
26 Banjur iya mangkono iku kang katandukake
dening Senapati Yusak marang wong mau,
padha diluwari saka ing tangane wong Israel,
satemah ora padha dipateni. 27 Lan ing dina
iku uga wong-wong mau padha ditetepake
dening Senapati Yusak dadi tukang amek kayu
lan juru pangangsu lumadi marang umat lan
marang misbyahe Pangeran Yehuwah nganti
tumeka saprene, ana ing panggonan kang
bakal dipilih dening Panjenengane.

Peperangan ing sacedhake Gibeon.

Senapati Yusak ngrebut tanah Kanaan sisih kidul

10:1-43

10 1 Bareng Prabu Adhoni-Zedhek, ratu
ing Yerusalem mindhanget pawarta
manawa Senapati Yusak wus mbedhah
lan nyirnakake kutha Ai, sarta apa kang
katandhukake marang kutha Yerikho lan
ratune, uga kaetrapake marang kutha Ai lan
ratune lan manawa wong ing kutha Gibeon
wus padha nganakake prajanjian memitran
karo wong Israel lan manggon ana ing
satengahe, 2 temah wong padha wedi banget,
amarga Gibeon iku kutha kang gedhe, kaya
salah sawijining kutha karajan, malah luwih
gedhe katimbang kutha Ai, sarta wong kabeh

padha prawira. 3 Mulane Prabu Adhoni-Zedhek,
ratu ing Yerusalem mau utusan menyang
ing ngarsane Prabu Hoham, ratu ing nagara
Hebron, Prabu Piream, ratu ing Yarmut, Prabu
Yafia, ratu ing Lakhis, lan Prabu Debir, ratu
ing Eglon, pangandikane: 4 “Panjenengan
sami kula aturi rawuh lan mbiyantu kula,
sumangga sami nggecak Gibeon, amargi
sampun memitran kaliyan Yusak lan bangsa
Israel.” 5 Para ratune bangsa Amori lima mau
tumuli padha ngempal lan majeng bareng:
ratu Yerusalem, ratu ing Hebron, ratu ing
Yarmut, ratu ing kutha Lakhis lan ratu ing
kutha Eglon, dalah sabalane kabeh, padha
ngadegake kemah ngepung kutha Gibeon lan
nempuh perang. 6 Wong ing Gibeon banjur
padha kongkonan menyang ing ngarsane
Sang Senapati Yusak ana ing pakemahan ing
kutha Gilgal, ature: “Mugi sampun ngantos
negakaken para abdi panjenengan, enggal
rawuha dhateng panggenan kula, ngluwari
lan mitulungi kula, amargi sadaya ratunipun
bangsa Amori ingkang wonten pareden sami
sakuthon nglawan dhateng kula.”

7 Senapati Yusak banjur bidhal saka ing
Gilgal, panjenengane lan wadya-bala kabeh,
kabeh padha wong prawira lan gagah prakosa.
8 Pangeran Yehuwah ngandika marang Sang
Yusak: “Sira aja wedi marang wong iku, uger
iku wus padha Sunulungake ing tanganira,
temah ora ana wong siji-sijia kang lestari urip
ana ing ngarepira.” 9 Senapati Yusak banjur
klawan ndadak nempuh marang mungsuhe,

sawise sawengi muput bidhal saka ing Gilgal.
10 Sang Yehuwah banjur damel kisruhing
mungsuh ana ing ngarepe wong Israel, temah
Senapati Yusak njalari mungsuhe padha
kasoran banget ana ing sacedhake Gibeon,
tumuli padha dioyak ana ing dalan kang
ngener marang ing unggah-unggahan ing
Bet-Horon, panggecake nganti tumeka ing
Azeka lan ing Makeda. 11 Nalika padha keplayu
ana ing ngarepe wong Israel, lagi ana ing
ngereng-erenge Bet-Horon, padha diudani
watu gedhe-gedhe saka langit dening Sang
Yehuwah, nganti tumeka ing Azeka, wekasan
padha tiwas. Kang mati ketiban watu iku luwih
akeh katimbang karo kang padha dipateni
wong Israel kalawan pedhang.
12 Nalika Sang Yehuwah ngulungake wong
Amori marang bangsa Israel, Senapati Yusak
munjuk marang Sang Yehuwah ing nalika Sang
Yehuwah ngulungake wong Amori marang
wong Israel; panjenengane banjur ngandika
ana ing ngarepe bangsa Israel: "He srengenge,
mandhega ana ing dhuwur Gibeon, lan kowe
rembulan, ana ing dhuwur lebak Ayalon!"
13 Srengenge tumuli mandheg, lan rembulan
uga ora mingsed, nganti tumeka sarampunge
wong Israel anggone males nempuh marang
mungsuhe. Bab iku rak wus tinulisan ana ing
Kitabe Wong Jujur? Srengenge mandheg ana
ing tengahing langit lan alon-alon angslupe
nganti watara sadina muput. 14 Durung
tau ana dina kang kaya mangkono mau,
saprana-saprene; dene Sang Yehuwah nganti

mindhangetake panyuwune manungsa kang
kaya mangkono, amarga Sang Yehuwah
piyambak kang nyarirani perange wong Israel.
15 Senapati Yusak banjur kondur menyang ing
pakemahan ing Gilgal kadherekake bala Israel
kabeh.
16 Anadene ratu lima iku mau padha
keplajeng sarta ndhelik ana ing guwa
Makeda. 17 Senapati Yusak banjur diaturi
pawarta mangkene: “Ratu gangsal punika
sami pinanggih ndhelik wonten ing guwa
Makeda.” 18 Senapati Yusak banjur dhawuh:
“Cangkeme guwa iku glundungana watu
gedhe-gedhe lan ing ngarepe dokokana wong
kang jaga. 19 Nanging kowe aja kandheg
anggonmu ngoyak-oyak marang mungsuhmu
lan pethiting barisane gepuken; aja nganti
padha bisa lumebu ing kutha-kuthane,
ujer Pangeran Yehuwah Gusti Allahmu wus
ngulungake wong-wong iku marang kowe!”
20 Bareng Senapati Yusak lan wong Israel wus
rampung anggone padha ngalahake mungsuhe
nganti banget anggone kasoran yaiku nganti
lebur babar pisan, -- mung sawatara kang bisa
oncat lan padha bisa lumebu ing kutha-kutha
kang disantosani -- 21 wong sabangsa kabeh
tumuli padha bali kalawan slamet marang
ing ngarsane Senapati Yusak menyang
ing palereban ing Makeda, ora ana wong
siji-sijia kang wani ngucapake pangancam
marang wong Israel. 22 Senapati Yusak banjur
ngandika: “Cangkeme guwa iku wengakna,
lan ratune lima padha gawanen metu saka

ing guwa lan ladekna marang aku mrene!”
23 Kang kadhawuhan tumuli padha nglakoni
mangkono, ratu lima padha digawa metu
saka ing guwa, kaladekake marang ngarsane
Senapati Yusak, iya iku: ratu ing Yerusalem,
ratu ing Hebron, ratu ing Yarmut, ratu ing
Lakhis, lan ratu ing Eglon. 24 Bareng ratu mau
wus padha digawa metu kaladekake marang
ing ngarsane Senapati Yusak, Sang Senapati
banjur nimbali nglumpuk wong Israel kabeh
sarta dhawuh marang para tetindhihe prajurit
kang wus ndherek perang: “Padha majua,
tlapakanmu ancikna ing githoke para ratu iki.”
Para tetindhih nuli padha maju lan ngancikake
tlapakane ana ing githoke para ratu iku.
25 Senapati Yusak banjur ngandika maneh:
“Aja padha wedi lan aja kekes atimu, padha
disantosa lan diteguh atimu, amarga kaya
mangkene iki bakal pandamele Sang Yehuwah
marang sakehe mungsuhmu kang padha
koklawan perang.” 26 Sawuse iku para ratu
mau banjur padha disedani dening Senapati
Yusak, tumuli padha digantung ing kayu
limang iji, panggantunge ing kayu mau nganti
tumeka ing wayah sore. 27 Bareng wayah
ngarepake suruping srengenge Senapati Yusak
dhawuh ngudhunake mayite saka ing kayu
mau sarta padha dibuwang ing jero guwa,
panggonane ndhelik. Cangkeming guwa mau
banjur ditutupi watu gedhe-gedhe, kang isih
ana nganti saprene.

28 Ing dina iku Senapati Yusak mbedhah
kutha Makeda lan digecak klawan landheping

pedhang, uga ratune; kuthane dalah wong
saisine kutha padha ditumpes, ora ana
wong siji-sijia kang bisa oncat lan ratu ing
Makeda iku dipatrapi padha kaya kang wus
katandukake marang ratu ing kutha Yerikho.
29 Sawuse mangkono Senapati Yusak
nglajengake pangluruge kadherekake dening
wong Israel kabeh, saka ing kutha Makeda
menyang ing Libna, banjur nempuh perang
nglawan Libna. 30 Lan kutha iku uga diulungake
Sang Yehuwah marang wong Israel dalah
ratune; kuthane digecak dening Senapati
Yusak klawan landheping pedhang dalah
sakehe wong saisine kutha, ora ana wong
siji-sijia kang bisa oncat, sarta ratune dipatrapi
padha kaya kang wus ditandukake marang
ratu ing Yerikho.
31 Senapati Yusak tumuli nglajengake
tindake saka ing Libna menyang ing Lakhis,
kadherekake wong Israel kabeh, kuthane iku
banjur dikepung lan ditempuh ing perang.
32 Anadene Sang Yehuwah ngulungake Lakhis
mau marang wong Israel. Ing dina kapindhone
wus karebut dening Senapati Yusak. Kutha
dalah saisine digecak klawan landheping
pedhang, trep kaya kang wus katandukake
marang Libna. 33 Prabu Horan, ratu ing Gezer
banjur rawuh karsa mbiyantu kutha Lakhis,
nanging disedani dening Senapati Yusak dalah
rakyate, nganti ora ana wong siji-sijia kang
bisa oncat.
34 Senapati Yusak banjur nglajengake
pangluruge kadherekake wong Israel kabeh

saka Lakhis menyang ing Eglon: kutha iku
banjur dikepung lan ditempuh ing prang.
35 Bareng sedina iku uga kuthane wus bedhah,
lan digecak klawan landheping pedhang,
sakehe wong kang ana ing kono padha
dipateni bareng sedina iku uga, padha kaya
kang katandukake marang kutha Lakhis.
36 Sawuse mangkono Senapati Yusak banjur
nglurug saka ing kutha Eglon menyang ing
kutha Hebron, kadherekake dening wong
Israel kabeh, kutha iku tumuli ditempuh ing
prang. 37 Nagara iku kabedhah lan kagecak
klawan landheping pedhang dalah ratune lan
sakehing kutha wewengkone tuwin sakehing
wong kang manggon ing kono, ora ana
siji-sijia kang bisa oncat trep kaya kang wus
katandukake marang Eglon, kutha iku dalah
sakehe wong saisine padha katumpes.
38 Senapati Yusak banjur wangsul menyang
ing kutha Debir, kadherekake wong Israel
kabeh, kutha iku uga tinempuh ing perang,
39 nagara iku dalah ratune lan sakehing nagara
wewengkone, padha karayud sarta kagecak
klawan landheping pedhang. Sakehing wong
ing kono padha dipateni, ora ana siji-sijia kang
bisa oncat; padha kaya kang wus katandukake
marang Hebron lan Libna sarta ratune, Debir
saratune uga kapatrapan mangkono.
40 Kaya mangkono anggone Senapati Yusak
ngawonake nagara iku kabeh, ing pagunungan,
ing tanah Negeb, ing Dhaerah Pagunungan lan
ing perenging gunung dalah ratune, ora ana
wong siji-sijia kang bisa oncat, kabeh kang

ambekan padha dipateni, kaya kang wus dadi
dhawuhe Sang Yehuwah, Gusti Allahe Israel.
41 Senapati Yusak anggone nggecak mungsuhe
iku wiwit ing kutha Kadesy-Barnea nganti
tutug ing Gaza, uga sawratane tanah Gosyen
nganti tutug ing Gibeon. 42 Sakehe ratu iku
mau lan nagarane padha ditelukake dening
Senapati Yusak ing sajrone salampahan bae,
amarga Sang Yehuwah, Gusti Allahe wong
Israel kang nyarirani perange Israel. 43 Sawuse
mangkono Senapati Yusak banjur kondur
menyang ing pakemahan ing kutha Gilgal,
kadherekake dening wong Israel kabeh.

Kanaan sisih lor karayud

11:1-15

11 1 Bareng Prabu Yabin, ratu ing nagara
Hazor midhanget bab lelakon iku
mau, banjur utusan marang Prabu Yobab,
ratu ing Madon, marang ratu ing nagara
Simron, marang ratu ing nagara Akhsaf,
2 sarta marang para ratu kang ana ing sisih
lor ing pagunungan, ing Araba-Yordan, ing
sakidule Kinerot, ing Dhaerah Pagunungan
lan ing tanah tengger Dor sisih kulon, 3 yaiku
para ratune wong Kanaan ing sisih wetan lan
ing sisih kulon, wong Amori, wong Het, wong
Feris, wong Yebus kang ana ing pagunungan,
apadene marang bangsa Hewi, apadene wong
ing sikile gunung Hermon ing tanah Mizpa.
4 Ratu-ratu iku tumuli padha budhalan kerig
sabalane, cacahe wadya-bala akeh banget,

kaya wedhi ing pinggiring sagara, sarta bala
jaranan lan kareta perang akeh banget. 5 Para
ratu mau sawuse padha manunggal lan padha
bebarengan masanggrahan ana ing sacedhake
sendhang Merom bakal padha nempuh perang
nglawan wong Israel.
6 Sang Yehuwah paring pangandika marang
Senapati Yusak: "Sira aja wedi adu arep karo
wong iku, amarga sesuk ing wayah mangkene
iku bakal padha Sunulungake kabeh wus
kagecak marang wong Israel. Jarane padha
sira kencetana lan karetane perang padha
obongana ing geni." 7 Senapati Yusak sabalane
kabeh tumuli teka dumrojog nempuh mungsuh
mau ana ing sacedhake sendhang Merom; 8 iku
padha diulungake dening Pangeran Yehuwah
marang wong Israel, banjur digecak lan dioyak
terus nganti tutug ing Sidon-Gedhe lan ing
Misrefot-Maim, apadene tutug ing lebak Mizpa
sisih wetan; anggone nggecak nganti ora ana
siji-sijia kang bisa oncat 9 padha dipatrapi
dening Senapati Yusak kaya dene anggone
wus didhawuhake dening Pangeran Yehuwah:
jarane padha dikenceti lan karetane perang
padha diobongi ing geni.
10 Ing waktu samana Senapati Yusak tumuli
wangsul, mbedhah kutha Hazor lan ratune
disedani klawan pedhang. Amarga Hazor
iku maune kang pinunjul dhewe saka ing
antarane sakehing karajan. 11 Kabeh kang
urip ana ing kutha mau dipateni klawan
landheping pedhang, wong-wong ing kono
padha katumpes. Kabeh kang ambekan ora

ana kang diuripi siji-sijia, dene Hazor diobong.
12 Sabanjure sakehing kuthane para ratu mau
padha dirayud Senapati Yusak lan ratune
kabeh padha disedani klawan landheping
pedhang, padha ditumpes kaya kang dadi
dhawuhe Nabi Musa, abdine Sang Yehuwah.
13 Nanging sakehing kutha kang kaprenah ana
ing tetengger iku padha ora diobongi dening
wong Israel, kajaba mung Hazor dhewe iku
kang diobong dening Senapati Yusak. 14 Dene
sakehe jarahane kutha iku lan raja-kayane
dijarah wong Israel, nanging wonge padha
dipateni kabeh klawan landheping pedhang,
nganti tumpes tapis. Kang ambekan ora ana
kang diuripi. 15 Kabeh dhawuhe Sang Yehuwah
marang Nabi Musa, abdine, iku dingandikake
Nabi Musa marang Senapati Yusak lan
iya mangkono tumindake Senapati Yusak,
sadhawuhe Sang Yehuwah marang Nabi Musa
iku ora ana kang dilirwakake sathithik-thithika.

Kaunggulane wong Israel

11:16-23

16 Mangkono anggone Senapati Yusak
nelukake satlatahe tanah iku kabeh, ing
pagunungan, ing tanah Negeb kabeh, ing
tanah Gosyen kabeh, Dhaerah Pagunungan,
Lebak Araba-Yordan lan Pagunungan Israel
dalah tanah ngarene. 17 Wiwit ing pagunungan
Gundhul, kang munggah ngener ing Seir,
nganti tutug ing Baal-Gad ing lebake
pagunungan Libanon, ing sikile gunung

Hermon; dene sakehe ratune padha dicekel
lan disedani. 18 Nganti suwe Senapati Yusak
anggone perang nglawan ratu iku mau.
19 Ora ana nagara siji-sijia kang nganakake
prajanjian memitran karo wong Israel, kajaba
mung para wong Hewi kang ana ing Gibeon;
kabeh padha dirayud sarana perang. 20 Jalaran
saka pangrehe Sang Yehuwah, atine wong mau
padha diwangkotake, temah padha perang
nglawan wong Israel, amrih pada katumpes,
ora diwelasi, nanging padha disirnakake,
kaya kang dadi dhawuhe Pangeran Yehuwah
marang Nabi Musa.

21 Nalika samana Senapati Yusak rawuh
numpes wong Enak ing pagunungan Hebron,
ing Debir, ing Arab, ing sawratane pagunungan
Yehuda, lan ing sawratane pagunungan
Israel. Iku kabeh dalah kutha-kuthane padha
katumpes dening Senapati Yusak.

22 Ora ana bangsa Enak kang isih ana ing
nagarane wong Israel, kejaba mung kang ana
ing Gaza, ing Gat lan Asdod, ing kono kang
isih ana. 23 Mangkono anggone Senapati Yusak
nelukake satlatahe tanah iku kabeh condhong
karo dhawuhe Sang Yehuwah marang Nabi
Musa. Nagara iku diparingake dening Senapati
Yusak marang Israel dadi warisan pusaka
miturut pandumane talere dhewe-dhewe.
Nagara kono banjur dadi tentrem, wus mari
perang.

Pratelan bab para ratu kang teluk

12:1-24

12 [1] Iki asmane para ratu ing nagara kang
dikalahake dening wong Israel lan kang
diejegi nagarane ana ing sabrange bengawan
Yarden sisih wetan, wiwit ing kali Arnon
tutug ing gunung Hermon sarta saindenging
Araba-Yordan sapengetan. [2] Sang Prabu Sihon,
ratune wong Amori, kang akedhaton ana ing
kutha Hesybon, wewengkone wiwit ing Aroer
ing pinggiring kali Arnon, ing saparone kali iku,
kawuwuhan saparone tanah Gilead, tutug ing
kali Yabok, tapel watese dhaerah bani Amon,
[3] tuwin kang uga mbawahake Araba-Yordan
tutug ing sisih wetane telaga Kinerot, lan tutug
ing sisih wetane sagara Araba, yaiku Sagara
Asin, ing penere Bet-Yesimot, lan ing sisih
kidul nganti tutug ing ngisore peperenging
gunung Pisga. [4] Banjur tlatahe Prabu Og, ratu
ing Basan, panunggalane wong Refaim, ratu
iki akedhaton ana ing Asytarot lan ing Edrei,
[5] wengkone ngacaki ing gunung Hermon, ing
Salkha lan ing satanah Basan kabeh tutug
ing dhaerahe wong Gesur lan wong Maakha,
apadene saparone tanah Gilead tutug ing
tlatahe Prabu Sihon, ratu ing Hesybon. [6] Iku
wus padha dikalahake Nabi Musa, abdine Sang
Yehuwah, karo wong Israel, lan tanah iku
banjur diparingake dening Nabi Musa, abdine
Sang Yehuwah marang wong Ruben lan wong

Gad lan saparone taler Manasye minangka
darbeke.
[7] Iki pratelan bab para ratuning nagara kang
padha dikalahake dening Senapati Yusak
lan wong Israel ana ing sakulone bengawan
Yarden, wiwit ing Baal-Gad ana ing lebaking
gunung Libanon tutug ing pagunungan
Gundhul, kang munggah ing penere Seir,
nagara iki diparingake Sang Yusak marang
para talere Israel minangka darbeke miturut
pandumane dhewe-dhewe: [8] ing Pagunungan,
ing Dhaerah Pagunungan, ing Araba-Yordan,
ing peperenging gunung, ing ara-ara samun
lan ing tanah Negeb, yaiku ing nagarane wong
Het, wong Amori, wong Kanaan, wong Feris,
wong Hewi lan wong Yebus --:
[9] Ratu ing nagara Yerikho siji, ratu ing nagara
Ai, kang sandhing ing Betel siji, [10] ratu ing
Yerusalem siji, ratu ing nagara Hebron siji,
[11] ratu ing nagara Yarmut siji, ratu ing nagara
Lakhis siji, [12] ratu ing nagara Eglon siji, ratu ing
nagara Gezer siji, [13] ratu ing nagara Debir siji,
ratu ing nagara Geder siji, [14] ratu ing nagara
Horma siji, ratu ing nagara Arad siji, [15] ratu ing
nagara Libna siji, ratu ing nagara Adulam siji,
[16] ratu ing nagara Makeda siji, ratu ing nagara
Betel siji, [17] ratu ing nagara Tapuah siji, ratu
ing nagara Hefer siji, [18] ratu ing nagara Afek
siji, ratu ing nagara Lasaron siji, [19] ratu ing
nagara Madon siji, ratu ing nagara Hazor siji,
[20] ratu ing nagara Simron Meron siji, ratu ing
nagara Akhsaf siji, [21] ratu ing nagara Taanakh
siji, ratu ing nagara Megido siji, [22] ratu ing

nagara Kedesy siji, ratu ing nagara Yokneam
ing sacedhake gunung Karmel siji, 23 ratu ing
nagara Dor, ing tanah pagunungan Dor siji,
ratu ing nagara Goyim, ing Gilgal siji, 24 ratu
ing nagara Tirza siji; dadi gunggunge para ratu
mau kabeh telung puluh siji.

Dhaerah-dhaerah kang durung dirayud

13:1-7

13 1 Bareng Senapati Yusak wus
sepuh, wus akeh yuswane, banjur
dipangandikani Sang Yehuwah: "Sira wus
tuwa, wus akeh umurira, sarta nagara kang
durung sira ebeki iku isih akeh banget. 2 Dene
nagara kang isih kari yaiku: sakehe tlatahe
wong Filisti lan saindenging nagarane wong
Gesur, 3 wiwit saka kali Sikhor ing sawetane
tanah Mesir tutug ing tlatah Ekron mangalor,
-- iku kaetung tanahe wong Kanaan; --
panggedhene wong Filisti iku lima, yaiku
ing Gaza, Asdod, Askelon, Gad lan Ekron,
-- apadene bangsa Awi 4 ing sisih kidul,
sarta saindenging nagarane wong Kanaan
lan Meara, darbeke wong Sidon, tutug ing
Afek, iya iku tutug ing tlatahe wong Amori;
5 sabanjure nagarane wong Gebal lan kabeh
tlatahe gunung Libanon ing sisih pletheking
srengenge, saka ing Baal-Gad ing sikile
gunung Hermon, nganti tutug ing dalan kang
menyang ing Harmat; 6 sakehing wong kang
manggon ing pagunungan, wiwit saka ing
gunung Libanon tutug ing Misrefot-Maim;

sakehe wong Sidon, iku bakal Suntundhung
piyambak saka ing ngarepe wong Israel;
mung bae tanahe sira paringna marang
wong Israel sarana kaundhi, kaya kang wus
Sundhawuhake marang sira. 7 Kang iku nagara
iki sira edum-edumna marang taler kang
sanga lan marang saparoning talere Manasye
minangka tanah pusakane.”

Pangedume tanah kang ana ing sabrangane bengawan Yarden

13:8-33

8 Bebarengan karo taler Manasye kang
separone, wong Ruben lan wong Gad, wus
padha kaparingan tanah-pusaka dening Nabi
Musa ana ing sabrangane kali Yarden sisih
wetan, kaya kang wus katemtokake dening
Nabi Musa, abdine Sang Yehuwah, kanggo
wong-wong mau, 9 yaiku wiwit ing Aroer
ing sapinggire kali Arnon, lan kutha kang
kaprenah ana ing saparone kali iku, sarta
saindenging tanah warata ing pagunungan
wiwit ing Medeba nganti tutug ing Dibon,
10 apadene sakehing kuthane Prabu Sihon,
ratune wong Amori, kang akedhaton ana ing
Hesybon, nganti tutug ing tlatahe wong Amon,
11 apamaneh tanah Gilead tuwin tlatahe wong
Gesur lan wong Maakha sarta sawratane
gunung Hermon lan satlatahe tanah Basan
kabeh tutug ing Salkha, 12 iya satlatahe
karajane Prabu Og, ratu ing Basan, kang
ngereh ing Asytarot lan ing Edrei, iku dhewe

kang dadi kekarene wong Refaim, kang wus
padha dikalahake lan ditundhung dening Nabi
Musa. 13 Nanging wong Israel ora nundhungi
wong Gesur lan wong Maakha mau, satemah
wong Gesur lan wong Maakha lestari padha
manggon ana ing tengahe wong Israel nganti
tumeka saprene. 14 Mung taler Lewi kang ora
kaparingan tanah-pusaka, Sang Yehuwah
Gusti Allahe Israel, iku kang dadi pusaka
darbeke, kaya kang wus dijanjekake marang
dheweke kabeh.
15 Talere bani Ruben iku wus padha
kaparingan dening Nabi Musa miturut
gotrah-gotrahe, panduman iki: 16 tlatah
pandumane wiwit ing Aroer ing pinggiring kali
Arnon kutha kang kaprenah ana ing saparone
kali iku, sarta tanah warata ing pagunungan
sacedhake Medeba kabeh; 17 Hesybon dalah
sakehe kutha wewengkone, kang kaprenah
ing tanah warata ing pagunungan mau, yaiku:
kutha Dibon, Bamot-Baal, Bet-Baal-Meon,
18 Yahas, Kedemot, Mefaat, 19 Kiryataim,
Sibma, Zeret-Hasahar ana ing lembahe
gunung iku, 20 Bet-Peor, peperenge gunung
Pisga, lan Bet-Yerimot, 21 sabanjure sakehe
kutha ana ing tanah warata ing pagunungan
lan satlatahe karajane Prabu Sihon; ratuning
wong Amori, kang ngereh ing Hesybon, kang
dikalahake Nabi Musa, uga para ratu ing
Midian, yaiku Prabu Ewi, Prabu Rekem, Prabu
Zur, Prabu Hur, lan Prabu Reba, para raja
kalerehane Prabu Sihon, kang padha dedalem
ana ing negara kono. 22 Uga juru tenung

Bileam, bin Beor wus dipateni klawan pedhang
dening wong Israel, bebarengan karo wong
kang padha mati ketaman ing pedhange.
23 Dadi tapel-watese dhaerahe bani Ruben iku
bengawan Yarden lan tlatahing sapinggire.
Yaiku kang dadi tanah pusakane bani Ruben
miturut gotrah-gotrahe, yaiku kutha-kuthane
dalah desa-desane.
24 Taler Gad, yaiku bani Gad, wus padha
kaparingan dening Nabi Musa miturut
gotrah-gotrahe panduman iki: 25 kang dadi
darbeke yaiku: Yaezer lan sakehing kuthane
nagara Gilead, sarta saparoning nagarane
wong Amon tutug ing Aroer, kang kaprenah
ing sawetane Raba, 26 yaiku wiwit ing Hesybon
tutug ing Ramat-Mizpa lan ing Betonim,
sarta saka ing Mahanaim tutug ing tlatahe
Debir, 27 lan ing lebak Bet-Haram, Bet-Nimra,
Sukot lan Zafon, kekarening karajane Prabu
Sihon, ratu ing Hesybon; bengawan Yarden
lan dhaerah pinggire tutug ing pungkasaning
telaga Kineret, ing sawetane bengawan
Yarden. 28 Iku tanah-pusakane wong bani Gad
miturut gotrah-gotrahe, yaiku kutha-kuthane
dalah desa-desane.
29 Saparone taler Manasye, yaiku
kulawangsane bani Manasye kang separo
wus kaparingan dening nabi Musa, miturut
gotrah-gotrahe, panduman iki: 30 kang dadi
dhaerahe: wiwit saka ing Mahanaim: satanah
Basan kabeh, krajane Prabu Og kabeh,
ratu ing nagara Basan, lan wewengkone
Hawot-Yair kabeh, kang ana ing Basan

kono, cacahe kuthane sawidak, 31 sabanjure
saparone tanah Gilead, Asytarot lan Edrei,
kutha-kuthane krajane Prabu Og ing Basan,
iku dadi pandumane bani Makhir, putrane
Rama Manasye, yaiku pandumane separone
bani Makhir miturut gotrah-gotrahe.
32 Iku kabeh kang wus didum-dumake
dening Nabi Musa minangka tanah-pusakane
nalika ana ing tanah ngare ing Moab, ing
sawetane bengawan Yarden, ing sacedhake
Yerikho. 33 Nanging taler Lewi ora diparingi
tanah-pusaka dening Nabi Musa: Sang
Yehuwah Gusti Allahe Israel piyambak iku kang
dadi pusakane kaya kang wus kajanjekake
marang dheweke kabeh.

Pengedume tanah Kanaan

14:1-5

14 1 Iki kabeh kang ditampani wong Israel
minangka tanah-pusakane ana ing
tanah Kanaan, kang wus kaedumake marang
wong Israel dening Imam Eleazar lan Senapati
Yusak bin Nun sarta para panggedhening
kulawargane taler-talere, 2 sarana ngundhi
tanah-pusaka iku, kaya kang wus dadi
dhawuhe Sang Yehuwah lumantar Nabi Musa
ing ngatase taler kang sanga satengah.
3 Amarga taler kang loro satengah iku wus
padha diparingi tanah-pusaka dening Nabi
Musa ana ing sabrange bengawan Yarden;
mung wong Lewi kang padha ora diparingi
tanah-pusaka ana ing tengahe. 4 Amarga bani

Yusup iku didadekake rong taler: Manasye lan Efraim, dadine wong Lewi padha ora diparingi tanah-pusaka ana ing nagara kono, kajaba mung kutha-kutha kang padha dienggoni karo pangonan kanggo rajakayane lan kewane.
5 Kaya kang wus dadi dhawuhe Sang Yehuwah marang Nabi Musa, iya mangkono iku kang dilakoni wong Israel anggone padha ngedum nagara kono.

Kaleb diwenehi Hebron

14:6-15

6 Wong bani Yehuda padha sowan marang ing ngarsane Senapati Yusak ana ing Gilgal. Ing nalika iku Kaleb bin Yefune, wong Kenas matur marang panjenengane: "Panjenengan sampun nguningani pangandikanipun Sang Yehuwah dhateng Nabi Musa, abdinipun Pangeran, ing ngatasipun kula sami ugi kados tumrap panjenengan wonten ing Kadesy-Barnea.
7 Umur kula kawandasa taun, kala kula dipun utus Nabi Musa, abdinipun Sang Yehuwah saking Kadesy-Barnea wau kakarsakaken nelik tanah ngriki; lan mantuk kula mbekta pawartos ingkang satemen-temenipun kagem
panjenenganipun. 8 Nanging para sadherek
kula ingkang sami tumut lampah kula sami damel pepesing manahipun tiyang sabangsa; ewadene kula tetep mantep dhateng Pangeran Yehuwah Gusti Allah kula, kanthi gumolonging
manah. 9 Kala semanten Nabi Musa supaos,
pangandikanipun: Satemene bumi kang

wus kaambah ing sikilmu iku mesthi
dadi tanah pusakamu ing salawas-lawase
turun-tumurun, amarga kowe tetep mantep
marang Sang Yehuwah Gusti Allahmu kanthi
gumolonging ati. [10] Lah sapunika Sang
Yehuwah sampun ngreksa gesang kula
ngetrepi ing prasetyanipun. Sapunika sampun
kawandasa gangsal taun, wiwit rikala Sang
Yehuwah ngandika makaten wau dhateng Nabi
Musa, saha ing sadangunipun punika tiyang
Israel nglembara wonten ing ara-ara samun.
Lah punika kula sampun umur wolung dasa
gangsal taun. [11] Kekiyatan kula ing dinten
punika taksih ajeg kados nalika kula dipun
utus Nabi Musa; sapunika kekiyatan kula
taksih sami kemawon kados kekiyatan kula ing
wekdal samanten, inggih tumrap ing perang
lan kadamel mlebet medal. [12] Milanipun kula
mugi panjenengan paringi pareden, ingkang
sampun kajanjekakaken Sang Yehuwah kala
samanten; panjenengan piyambak kala
samanten rak sampun mindhanget pawartos,
bilih ing ngriku dipun enggeni bangsa Enak,
saha wonten kithanipun ingkang ageng-ageng
santosa. Bokmanawi Sang Yehuwah karsa
nunggil kaliyan kula, temah sami kenging
kula tundhung kados ingkang sampun
kapangandikakaken Sang Yehuwah.”

[13] Senapati Yusak tumuli mberkahi Kaleb
bin Yefune sarta diparingi Hebron dadi
tanah-pusakane. [14] Yaiku jalarane Hebron
banjur dadi tanah-pusakane Kaleb, bin Yefune,
wong Kenas iku, turun-tumurun nganti

saprene, mulane mangkono amarga tetep
mantep marang Sang Yehuwah, Gusti Allahe,
kanthi gumolonging ati. [15] Dene Hebron iku
biyen jenenge Kiryat-Arba; Arba iku arane
wong kang linuwih gedhene ana ing antarane
wong Enak. Lan nagara iku banjur tentrem,
wus ora ana perang.

Wates-watese dhaerahe taler Yehuda

15:1-12

15 [1] Anadene panduman kang kaundhi
kanggo taler Yehuda manut gotrahe
iku nganti tekan ing tapel-watese tanah
Edom, nganti tekan ing ara-ara samun Zin ing
poncot kidul, [2] watese kang kidul iku wiwit
saka ing poncote Telaga Asin, saka ing teluk
kang madhep mangidul, [3] banjur ngliwati sisih
kidule unggah-unggahan ing Akrabim, terus
menyang Zin, nuli munggah menyang ing sisih
kidule Kadesy-Barnea, terus menyang ing
Hezron, banjur munggah menyang ing Adar,
menggok menyang ing Karka, [4] terus menyang
ing Azmon sarta metu ing kaline tanah Mesir,
pungkasane pantog ing sagara iya iku kang
dadi watesmu sisih kidul. [5] Watese sisih wetan
Telaga Asin tutug ing sungapane bengawan
Yarden, watese sisih lor iku wiwit ing teluk ing
sungapane bengawan Yarden mau. [6] Banjur
munggah tutug ing Bet-Hogla tumuli ngliwati
sisih lore Bet-Araba, munggah maneh tutug
ing watu Bohan, bin Ruben. [7] Sabanjure
wates iku munggah saka ing lebak Akhor

marang ing Debir, menggok mangalor ngener
ing Gilgal, ing penere unggah-unggahan ing
Adumim, sakiduling kali, nuli terus menyang
ing sendhang En-Semes lan metu ngener ing
sendhang En-Rogel. 8 Saka ing kono wates iku
munggah metu ing Lebak Ben-Hinom, nurut
ing ereng-erenge gunung Yebus sisih kidul, iya
iku ing Yerusalem, banjur munggah maneh
tutug ing pucake gunung kang ana ing ngarepe
Lebak Hinom ing sisih kulon, ing pungkasane
lebake wong Efraim, kang sisih lor. 9 Saka
ing pucake gunung mau watese mlengkung
menyang ing sendhang Me-Neftoakh lan
banjur tutug ing kutha-kuthane pagunungan
Efron, saka ing kono mlengkung menyang ing
Baala, iya iku ing Kiryat-Yearim. 10 Wates iku
nuli menggok saka ing Baala mengulon ngener
ing pagunungan Seir, terus ngalor menyang
ing ereng-erenge gunung Yearim, yaiku ing
Khesalon, medhun menyang Bet-Semes,
terus menyang ing Timna, 11 wates mau nuli
mangalor menyang ing ereng-erenge gunung
Ekron, terus mlengkung menyang ing Sikhron
terus menyang ing gunung Baala lan metu
ing sacedhake Yabneel, temahan wates mau
anjog ing sagara. 12 Mungguh wates kulon
yaiku Sagara Gedhe lan pasisire. Iku mau
tapel-watese tlatahe wong bani Yehuda ing
saubenge miturut gotrahe dhewe-dhewe.

Kaleb ngrebut Hebron

15:13-19

[13] Anadene Rama Kaleb bin Yefune iku
diparingi dening Sang Yusak panduman ana
ing tengahe bani Yehuda, yaiku Kiryat-Arba,
ngetrepi dhawuhe Pangeran Yehuwah marang
Sang Yusak; Arba iku bapakne Enak, yaiku
Hebron. [14] Lan rama Kaleb nundhung wong
Enak telu saka ing kono yaiku: Sesai, Ahiman
lan Talmai, anak-anake Enak. [15] Saka ing kono
Rama Kaleb banjur nglurugi bangsa Debir,
Jeneng Debir iku maune Kiryat-Sefer. [16] Rama
Kaleb nuli ngandika mangkene: “Sing sapa
nggempur kutha Kiryat-Sefer nganti bisa
bedhah, bakal dakpek mantu dakolehake
anakku wadon Akhsa.” [17] Kutha mau banjur
dibedhah dening Sang Otniel, putrane Sang
Kenas, sadhereke Rama Kaleb, mulane Rama
Kaleb banjur maringake Akhsa, putrane
putri, marang panjenengane dadi garwane.
[18] Bareng Ibu Akhsa mau wus rawuh, sing
kakung banjur diojok-ojoki supaya nyuwun
pategalan marang ramane. Ibu Akhsa tumuli
mandhap saka ing kuldine, Rama Kaleb
ndangu: “Ana apa?” [19] Atur wangsulane Ibu
Akhsa: “Kula nyuwun kaparingana ganjaran;
kula sampun panjenengan paringi siti ingkang
cengkar, nyuwun kaparingana sumber ugi.”
Banjur diparingi sumber ing tenggeran lan ing
ledhokan.

Kutha-kuthane suku Yehuda

15:20-63

[20] Iki tanah pusakane taler Yehuda miturut
gotrah-gotrahe. [21] Kutha-kuthane bani Yehuda
kang ana ing poncot dhewe, ing sacedhake
kikise tanah Edom, ing tanah Negeb, yaiku:
Kabzeel, Eder, Yagur, [22] Kina, Dimona, Adada,
[23] Kedesy, Hazor, Yitnan, [24] Zif, Telem, Bealot,
[25] Hazor-Hadata, Keriot-Hezron, yaiku Hazor,
[26] Amam, Sema, Molada, [27] Hazar-Gada,
Hesmon, Bet-Pelet, [28] Hazar-Sual, Bersyeba
lan sakehe kutha wewengkone, [29] Baala, Iyim,
Ezem, [30] Eltolad, Khesil, Horma, [31] Ziklag,
Madmana, Sansana, [32] Lebaot, Silhim, Ain
lan Rimon, gunggung kutha sangalikur karo
desa-desane.

[33] Kang ana Dhaerah Pagunungan yaiku:
Esytaol, Zora, Asna, [34] Zanoah, En-
Ganim, Tapuah, Enam, [35] Yarmut, Adulam,
Sokho, Azeka, [36] Saaraim, Aditaim, Gedera lan
Gederotaim: kutha patbelas karo desa-desane.

[37] Zenan, Hadasa, Migdal-Gad, [38] Dilean,
Mizpa, Yokteel, [39] Lakhis, Bozkat, Eglon,
[40] Khabon, Lahmas, Khitlis, [41] Gederot,
Bet-Dagon, Naama lan Makeda: kutha
nembelas karo desa-desane.

[42] Libna, Eter, Asan, [43] Yiftah, Asna, Nezib,
[44] Kehila, Akhzib lan Maresa, kutha sanga lan
desa-desane.

[45] Ekron lan sakehe kutha sarta desa
wewengkone. [46] Wiwit saka Ekron nganti tutug

ing sagara, sakehe panggonan sandhing Asdod
lan desa-desane; 47 Asdod karo sakehe kutha
lan desa-desa wewengkone, Gaza karo sakehe kutha lan desa wewengkone, nganti tutug ing kali ing tanah Mesir, ing Sagara Gedhe lan pasisire.

48 Anamaneh ing pagunungan, yaiku: Samir,
Yatir, Sokho, 49 Dana, Kiryat-Sana, yaiku
Debir, 50 Anab, Estemo, Anim, 51 Gosyen,
Holon, lan Gilo: kutha sewelas karo desa-desa
wewengkone; 52 Arab, Duma, lan Esan,
53 Yanum, Bet-Tapuah, Afeka, 54 Humta,
Kiryat-Arba, yaiku Hebron, lan Zior, kutha sanga karo desa- desane.

55 Maon, Karmel, Zif, Yuta, 56 Yizreel,
Yokdeam, Zanoah, 57 Kain, Gibea, lan Timna,
kutha sepuluh karo desa-desa wewengkone.

58 Halhul, Bet-Zur, Gedor, 59 Maarat, Bet-
Anot, lan Eltekon, kutha nem karo desa-desa wewengkone.

60 Kiryat-Baal, yaiku Kiryat-Yearim, lan Raba, kutha loro karo desa- desa wewengkone.

61 Kang ana ing ara-ara samun: Bet-Araba,
Midin, Sekhakha, 62 Nibsan, kutha Uyah
lan Engedi: kutha nem karo desa-desa wewengkone.

63 Nanging wong Yebus kang padha manggon ing Yerusalem ora bisa padha katundhung, dadine wong Yebus mau padha manggon awor karo bani Yehuda ana ing Yerusalem nganti saprene.

Tanah-pusakane Efraim lan Manasye

16:1--17:18

16 [1] Sawuse mangkono kang undhiane
oleh bani Yusup. Tapel-watese wiwit
ing bengawan Yarden ing sacedhake kutha
Yerikho, ing sawetane sumber-sumber ing
Yerikho, ngancik ing ara-ara samun kang saka
Yerikho munggah menyang ing pagunungan,
menyang ing Betel. [2] Saka ing kutha Betel
menyang ing Lus, terus menyang ing tlatahe
wong Arki, menyang ing Atarot, [3] banjur
mudhun mangulon menyang ing tlatahe wong
Yaflet, tutug ing tlatah Bet-Horon ing lebak lan
sateruse nganti tekan ing Gezer, lan anjog ing
segara.
[4] Iku tanah-pusaka kang ditampani bani
Yusup yaiku suku Manasye lan suku Efraim.
[5] Dene tlatahe bani Efraim miturut gotrahe iku
mangkene: tapel-watesing tanah-pusakane
iku ing sisih wetan wiwit ing Atarot-Adar tutug
ing Bet-Horon ing tengger. [6] Mangulon watese
iku metu ing salore Mikhmetat; tumuli nekuk
mangetan menyang ing Taanat-Silo, saka
ing kono terus nganti tutug ing sawetane
Yanoah, [7] medhun saka ing Yanoah menyang
ing Atarot lan Naharat notog ing dhaerah
Yerikho lan banjur menyang ing bengawan
Yarden. [8] Saka ing Tapuah wates iku banjur
mangulon menyang ing kali Kana lan anjog
ing sagara. Iku tanah-pusakane taler Efraim
miturut gotrahe. [9] Sabanjure ana kutha-kutha

kang ditetepake kanggo bani Efraim ana ing
satengahe tanah-pusakane bani Manasye,
kutha-kutha mau dalah desa-desane.
10 Nanging bani Efraim padha ora nundhungi
wong Kanaan kang manggon ana ing Gezer,
dadine wong Kanaan iku padha isih manggon
ana ing satengahe suku Efraim nganti saprene,
mung bae padha dadi kuli njangga karya.

17 1 Taler Manasye undhiane iya banjur
oleh, amarga iku putra pambajenge
Sang Adipati Yusup. Makhir pembarepe
Manasye, bapakne Gilead, iku sarehne
prajurit, mulane wus kaparingan tanah
Gilead lan Basan. 2 Mulane turune Manasye
liyane padha oleh panduman iku miturut
gotrahe, yaiku kanggo bani Abiezer, bani
Helek, bani Asriel, bani Sekhem, bani Hefer,
lan bani Semida; iku turune lanang Manasye
putrane Sang Yusup miturut gotrah-gotrahe.
3 Dene Zelafehad trahe Hefer bin Gilead,
bin Makhir, bin Manasye iku ora duwe anak
lanang, nanging mung anak wadon, yaiku:
Makhla, Noa, Hogla, Milka lan Tirza. 4 Iku
padha marak marang ing ngarsane Imam
Eleazar lan marang ing ngarsane Senapati
Yusak bin Nun sarta ing ngarsane para
panggedhe, ature: “Sang Yehuwah sampun
dhawuh dhateng Nabi Musa supados kula
sami kaparingana tanah-pusaka wonten ing
satengahing sanak-sadherek kula.” Mulane
anake wadon Zelafehad mau banjur padha
diparingi tanah-pusaka ana ing satengahe para
sadulure bapakne, condhong karo dhawuhe

Sang Yehuwah. 5 Mulane taler Manasye oleh
sepuluh panduman, liya saka tanah Gilead
lan tanah Basan kang ana ing sabrange
bengawan Yarden. 6 Amarga turune Manasye
kang wadon padha melu oleh tanah-pusaka
ana ing satengahe anak lanang; dene tanah
Gilead wus tumiba ing turune Manasye kang
lanang liyane.
7 Dadine tapel-watese tlatahe taler Manasye
iku wiwit saka ing Asyer tutug ing Mikhmetat,
ing sawetane Sikhem, banjur mangidul
tutug ing panggonane wong ing En-Tapuah.
8 Dene tanah Tapuah iku, duweke suku
Manasye, nanging kutha Tapuah dhewe
kang cedhak karo tapel-watese dhaerah
Manasye, iku duweke bani Efraim. 9 Wates
mau banjur medhun menyang ing kali Kana,
ing sakidule kali iku; dene kutha-kutha ing
kono iku padha melu Efraim sanadyan ana
ing tengah-tengahe kutha-kuthane Manasye;
watese tlatahe Manasye nuli metu ing saloring
kali, anjog ing segara. 10 Kang sisih kidul
melu Efraim, kang sisih lor melu Manasye,
dene kang dadi watese segara; ing sisih lor
tunggal wates karo Asyer, lan ing sisih wetan
karo Isakhar. 11 Nanging taler Manasye iya
duwe dhaerah kang ana sajroning wilayahe
Isakhar lan Asyer, iya iku: Bet-Sean dalah
sakehe kutha-kutha wewengkone, Yibleam
dalah sakehe kutha-kutha wewengkone,
wong ing Dor sakutha-kuthane, wong
En-Dor sakutha-kuthane, wong ing Taanakh
sakutha-kuthane, apadene wong ing Megido

sakutha-kuthane, dadi tlatah tengger telu
iku. 12 Nanging wong trahe Manasye padha
ora kwagang ngrayud kutha-kutha iku mau,
sabab wong Kanaan nekad padha manggon
ana ing kono. 13 Anadene bareng wong Israel
wus dadi santosa, wong Kanaan mau padha
didadekake kuli nyanga karya, mung bae ora
nganti ditundhung.
14 Bani Yusup banjur padha matur marang
Senapati Yusak mangkene: "Punapaa dene
kula kok namung panjenengan paringi
saundhian saha tanah-pusaka namung
pasiten, mangka kula punika bangsa ingkang
kathah jiwanipun, amargi saking berkahipun
Sang Yehuwah dhateng kula ngantos sapriki
punika?" 15 Paring wangsulane Senapati Yusak
marang para wong mau: "Manawa kowe iku
bangsa kang cacahe jiwamu akeh, mangka
pagunungan ing Efraim ora nyukupi kanggo
kowe kabeh, becike kowe menyanga ing alas
ing nagarane wong Feris lan wong Refaim,
manawa pagunungan Efraim kurang amba
kanggo kowe." 16 Bani Yusup banjur matur:
"Tanah pareden punika boten badhe nyekapi
tumrap kula, tuwin sadaya tiyang Kanaan
ingkang manggen wonten ing papan-papan
wradin ngriku sami gadhah kareta tosan,
inggih ingkang wonten ing Bet-Sean saha
kitha-kitha wewengkonipun, inggih ingkang
wonten lebak Yizreel." 17 Senapati Yusak tumuli
ngandika marang bani Yusup, yaiku bani
Efraim lan bani Manasye, dhawuhe: "Kowe iku
akeh jiwamu lan gedhe karosanmu, mulane

ora mung saundhian kang katemtokake
kanggo kowe. [18] Nanging pagunungan iku
dadia darbekmu, mung sarehne wujud
alas, mulane babadana, nganti tekan ing
poncot-poncote pisan bakal dadi duwekmu,
amarga bangsa Kanaan iku sanadyan padha
duwe kareta wesi lan padha santosa, ewadene
iya mesthi bakal bisa koktundhung uga."

Pangedume kekarening tanah Kanaan ana ing Silo

18:1-10

18 [1] Wong Israel saumat kabeh banjur
padha nglumpuk ana ing Silo sarta
ngadegake Tarub Pasewakan ana ing kono,
amarga nagara iku wus katelukake. [2] Ing
nalika samana ing antarane Banisrael isih
ana pitung taler kang durung oleh panduman
tanah-pusaka. [3] Senapati Yusak banjur
ngandika marang Banisrael: "Pira lawase
anggonmu padha ngenak-enak lan ora
tumandang ngejegi nagara peparinge Sang
Yehuwah, Gusti Allahe leluhurmu? [4] Padha
ngajokna wong telu saka saben taler, iku
bakal padha dakdhawuhi siyaga arep dakutus
ndlajahi nagara iku, sarta nyatheti kaanane
miturut pandumane, banjur bali mrene.
[5] Sawise iku tanahe kaperanga dadi pitung
panduman. Taler Yehuda tetepa ana ing tlatahe
kang kidul lan bani Yusup iya tetepa ana ing
tlatahe kang lor. [6] Kowe padha nyathetana
kaanane nagara iku dadi pitung panduman,

cathetane iku banjur gawanen mrene, nuli
aku bakal nguncalake undhi kanggo kowe ana
ing kene ana ing ngarsane Sang Yehuwah,
Gusti Allah kita. 7 Sabab wong Lewi padha ora
oleh panduman ana ing tengahmu, amarga
kalungguhane dadi imame Sang Yehuwah
kang dadi pusakane sarta mungguh Gad lan
Ruben apadene separone taler Manasye iku
wus padha nampani tanah-pusaka ana ing
sabrange bengawan Yarden ing sisih wetan,
kang diparingake dening Nabi Musa, abdine
Sang Yehuwah."

8 Wong mau tumuli padha tata-tata lan
banjur mangkat. Lungane mau kambi nyatheti
kaanane nagara iku kaya sapiwelinge Senapati
Yusak, kang mangkene: "Padha mangkata,
nagara iku dlajahana lan cathetana kaanane,
banjur padha balia mrene nuli aku bakal
nguncalake undhi kanggo kowe ana ing
ngarsane Sang Yehuwah ana ing Silo kene."
9 Wong-wong mau nuli padha mangkat
ndlajahi nagara iku, lan nyatheti kaanane dadi
pitung panduman, kutha siji lan sijine kamot
ing daftar, banjur padha bali menyang ing
ngarsane Senapati Yusak ana ing pakemahan
ing Silo. 10 Senapati Yusak banjur nguncalake
undhi kanggo wong-wong mau ana ing Silo ana
ing ngarsane Pangeran Yehuwah, sarta tanahe
didum-dum Sang Yusak kanggo Israel ana ing
kono miturut pandumane dhewe-dhewe.

Tanah-pusakane taler Benyamin

18:11-28

11 Talere Benyamin iku katiban undhi miturut
gotrahe, dene tlatahing panduman kang
diundhekake iku prenahe ana ing antarane
bani Yehuda lan bani Yusup. 12 Watese ing
sisih lor wiwit ing bengawan Yarden, nuli
munggah ing ereng-ereng gunung salore
Yerikho, munggah mangulon menyang ing
pagunungan lan ngener menyang ing ara-ara
samun Bet-Awen. 13 Saka ing kono watese
terus menyang ing Lus, mangidul, ngener ing
ereng-erenging gunung ing sacedhake Lus,
yaiku ing Betel; nuli watese medhun menyang
ing Atarot-Adar ing pagunungan kang ana
ing sakidule Bet-Horon ing lebak, 14 watese
mau banjur mlengkung, nuli menggok saka
ing pagunungan ing sisih kanane Bet-Horon
ing sisih kidul banjur menggok ngidul
ngulon anjog ing Kiryat-Baal, yaiku ing
Kiryat-Yearim, kutha darbeke bani Yehuda.
Iku kang sisih kulon. 15 Dene sisihe kang
kidul iku wiwit ing pungkasane Kiryat-Yearim,
16 banjur mangulon, lan ngener ing sendhang
Me-Neftoah. Watese iku tumuli medhun tutug
ing pungkasane pagunungan kang ana ing
ngarepe Lebak Ben-Hinom, ing salore lebake
wong Refaim, banjur mudhun menyang Lebak
Hinom, ing saurute ereng-erenging gunung
Yebus, mangidul, banjur mudhun maneh
menyang ing sendhang En-Rogel. 17 Tumuli

nekuk mangalor ngener ing En-Semes,
banjur menyang ing Gelilot, ing sisih kanane
unggah-unggahan ing Adumim, nuli medhun
menyang ing watu Bohan bin Ruben, 18 banjur
menyang ing ereng-erenging gunung ing sisih
kanane Bet-Araba mangalor, banjur medhun
menyang ing Araba-Yordan. 19 Watese nuli
terus metu ing ereng-erenging gunung ing
sacedhake Bet-Hogla mengalor, sarta anjog
ing teluke Sagara-Asin kang sisih lor, ing
sungapane bengawan Yarden ing sisih kidul,
iku watese kang kidul. 20 Dene bengawan
Yarden iku kang dadi watese ing sisih
wetan, yaiku kang dadi tanah-pusakane bani
Benyamin miturut gotrahe kalawan wates-
watese mubeng. 21 Mungguh kutha-kuthane
taler bani Benyamin miturut gotrahe yaiku:
Yerikho, Bet-Hogla, Emek-Kezis, 22 Bet-Araba,
Zemaraim, Betel, 23 Haawim, Para, Ofra,
24 Kefar-Haamonai, Ofni lan Geba; kutha
rolas karo desa-desane. 25 Gibeon, Rama,
Beerot, 26 Mizpa, Kefira, Moza, 27 Rekem,
Yirpeel, Tarala, 28 Zela, Elef lan Yebus, yaiku
Yerusalem, Gibeat lan Kiryat; kutha patbelas
karo desa-desane. Iku mau tanah-pusakane
bani Benyamin miturut gotrah-gotrahe.

Tanah pusakane taler Simeon

19:1-9

19 1 Undhian kang kapindho tumiba
marang taler Simeon, yaiku talere bani
Simeon miturut gotrahe, tanah-pusakane

kaprenah ana ing tengah-tengahing tanah-
pusakane bani Yehuda. [2] Dene kang dadi
darbeke yaiku: Bersyeba, Syeba, Molada,
[3] Hazar-Sual, Bala, Ezem, [4] Eltolad, Betul,
Horma, [5] Ziklag, Bet-Hamarkabot, Hazar-Susa,
[6] Bet-Lebaot lan Sarukhen, kutha telulas lan
desa-desane, [7] En-Rimon, Eter, lan Asan,
kutha papat lan desa-desane, [8] uga sakehing
desa kang ana ing sakubenge kutha iku
mau tutug ing Baalat-Beer, yaiku Rama, ing
tanah kidul. Iku tanah-pusakane talere bani
Simeon, miturut gotrahe. [9] Tanah-pusakane
bani Simeon iku kajupuk saka pandumane
bani Yehuda, amarga tanah-pusakane bani
Yehuda kakehan, mulane bani Simeon
padha oleh tanah-pusaka ana ing satengahe
tanah-pusakane Yehuda.

Tanah-pusakane taler Zebulon

19:10-16

[10] Undhian kang katelu iku tumiba marang
bani Zebulon miturut gotrahe; watesing
tanah-pusakane iku tutug ing Sarid. [11] Watese
banjur mangulon munggah menyang ing
Marala, nyrempet ing Dabeset, lan nuli
nyrempet kali kang mili ngliwati Yokneam.
[12] Saka ing Sarid watese mau menggok
mangetan ngener pletheking srengenge,
ngliwati dhaerah Khislot-Tabor, ngener ing
Dobrat, nuli munggah menyang ing Yafia.
[13] Saka ing kono terus mangetan ngener
pletheking srengenge, menyang ing Gat-Hefer,

menyang ing Et-Kazim, ngener ing Rimon
lan mlengkung menyang ing Nea. [14] Watese
banjur menggok ngubengi kutha iku ana ing
salore Hanaton lan anjog ing lebak Yiftah-El.
[15] Banjur Katat, Nahalal, Simron, Yidala lan
Betlehem; kutha rolas karo desa-desane.
[16] Yaiku tanah-pusakane wong bani Zebulon
miturut gotrahe, iya iku kutha-kuthane mau
karo desa-desane.

Tanah-pusakane taler Isakhar

19:17-23

[17] Undhian kang kapat iku tumiba marang
talere Isakhar, yaiku marang bani Isakhar
miturut gotrahe. [18] Kang dadi tlatahe yaiku:
Yizreel, Khesulot, Sunem, [19] Hafaraim, Sion,
Anakharat, [20] Rabit, Kisyon, Ebes, [21] Remet,
En-Ganim, En-Hada, lan Bet-Pazes. [22] Watese
nyrempet ing Tabor, ing Sahazima, lan
Bet-Semes, dene watese anjog ing bengawan
Yarden: gunggung kutha nembelas lan
desa-desane. [23] Yaiku tanah-pusakane taler
bani Isakhar miturut gotrahe, iya kutha-kutha
mau karo desa-desane.

Tanah-pusakane taler Asyer

19:24-31

[24] Undhian kang kalima iku tumiba marang
taler bani Asyer miturut gotrahe. [25] Kang
dadi dhaerahe yaiku: Helkat, Hali, Beten,
Akhsaf, [26] Alamelekh, Amad lan Misal, sarta

watese nyrempet ing gunung Karmel lan ing
kali Libnat ing sisih kulon. 27 Banjur menggok
ngener pletheking srengenge menyang ing
Bet-Dagon; nyrempet dhaerah Zebulon lan
ing lebak Yiftah-El ing sisih lor, Bet-Emek
lan Nehiel, lan ngener ing Kabul ing sisih lor.
28 Banjur menyang ing Ebron, Rehob, Hamon
lan Kana nganti tutug ing Sidon Gedhe.
29 Wates iku nuli mbalik menyang ing Rama
lan tutug ing kutha beteng tirus, watese
banjur mbalik maneh menyang Hosa, lan
anjog ing segara; apadene Mahalab, Akhzib,
30 Uma, Afek lan Rehob kutha rolikur karo
desa-desane. 31 Yaiku tanah-pusakane taler
bani Asyer miturut gotrahe, iya kutha-kutha
mau karo desa-desane.

Tanah-pusakane taler Naftali

19:32-39

32 Undhian kang kanem iku tumiba marang
bani Naftali, yaiku marang bani Naftali miturut
gotrahe. 33 Dhaerahe wiwit ing Helef, saka
wit kayu elon ing Zaananim, Adami-Nekeb
lan Yabneel tutug ing Lakum, sarta anjog
ing bengawan Yarden. 34 Watese banjur
bali mangulon menyang ing Asnot-Tabor,
terus menyang ing Hukok, nyremped ing
tlatahe Zebulon sisih kidul, nyremped tlatahe
Asyer, ing sisih kulon sarta laladan Yehuda
ing bengawan Yarden, pener pletheking
srengenge. 35 Kutha-kuthane beteng yaiku:
Zidim, Zer, Hamat, Rakat, Kineret. 36 Adama,

Rama, Hazor, [37] Kedesy, Edrei, En-Hazor,
[38] Yiron, Migdal-El, Horem, Bet-Anat, lan
Bet-Semes, kutha sangalas karo desa-desane.
[39] Iku tanah-pusakane taler bani Naftali
miturut gotrahe, iya kutha-kutha iku karo
desa-desane.

Tanah-tanah pusakane taler Dhan

19:40-48

[40] Undhian kang kapitu iku tumiba marang
talere bani Dhan miturut gotrahe. [41] Kang
dadi tanah-pusakane yaiku: Zora, Esytaol,
Ir-Semes, [42] Saalabin, Ayalon, Yitla, [43] Elon,
Timna, Ekron, [44] Elteke, Gibeton, Baalat,
[45] Yehud, Bene-Berak, Gat-Rimon, [46] Me-
Yarkon lan Rakon, karo tlatah ing sisih kanane
Yafo. [47] Nanging sarehne tlatahe bani Dhan
iku kerupeken, bani Dhan banjur padha
nglurug perang nglawan kutha Lesem; iku nuli
kabedhah, wonge padha katumpes klawan
landheping pedhang, sarta nagarane tumuli
diejegi lan dienggoni; kutha Lesem mau tumuli
dielih arane dadi Dhan, miturut asma Dhan
leluhure. [48] Iku mau tanah-pusakane talere
bani Dhan miturut gotrahe, iya kutha-kutha
mau karo desa-desane.

Tanah-pusakane Sang Yusak

19:49-51

[49] Sawuse wong Israel rampung anggone
padha ngedum nagara iku dadi tanah-

pusakane miturut dhaerah-dhaerahe, wong
Israel banjur padha ngaturi tanah-pusaka
marang Senapati Yusak, bin Nun ana ing
satengahe. [50] Manut dhawuhe Sang Yehuwah
Senapati Yusak diaturi kutha kang dikarsakake,
yaiku: Timnat-Serah ing pagunungan Efraim;
kutha iku nuli dibangun lan didalemi.
[51] Iku mau tanah-pusaka kang padha
didum-dumake sarana kaundhi ana ing Silo
dening Imam Eleazar lan Senapati Yusak, bin
Nun sarta para panggedhening taler ana ing
ngarsane Sang Yehuwah, ing ngarepe lawang
Tarub-Pasewakan. Mangkono anggone padha
ngrampungake pangeduming nagara iku.

Kutha-kutha pangungsen

20:1-9

20 [1] Sang Yehuwah banjur ngandika
maneh marang Senapati Yusak: [2] "Sira
kandhaa marang wong Israel mangkene:
Padha nemtokna kutha pangungsen kang
wus Sundhawuhake marang sira lumantar
Musa, [3] supaya dadia papan pangungsen
tumrap wong kang gawe pati ora kanthi
ditemaha, iya ora dirantam sadurunge,
padha dadia pangungsene ana ing ngarepe
wong kang nedya njaluk supaya nyaur pati.
[4] Samangsa wong mau ngungsi menyang
ing salah sawijining kutha mau, banjur
ngadega ana ing ngarepe gapurane kutha,
ngaturna prakarane marang tetuwane kutha
iku; iki kudu gelem nampani wong mau ana

ing kutha kono lan menehana panggonan
kang kena dienggoni ana ing satengahe.
5 Anadene manawa dioyak wong kang nedya
njaluk supaya nyaur pati mau, wong kang
gawe pati mau aja diulungake ing tangane,
amarga anggone mateni pepadhane iku ora
kanthi dirantam sadurunge lan ora sengit ing
sadurunge. 6 Dene wong iku banjur manggona
ana ing kutha kono, nganti tumeka ing
wayahe kaladekakake marang ing parepataning
pasamuwan supaya diadili, nganti tumeka ing
sedane imam agung kang jumeneng ing nalika
samana; sawuse mangkono kang gawe pati
mau nuli kena mulih menyang ing kuthane
lan menyang ing omahe, yaiku menyang ing
kutha, nalika wong mau lumayu ngungsi."
7 Wong Israel nuli nyengker kutha-kutha
kang kadadekakake kutha pangungsen, yaiku:
Kadesy, ing tanah Galilea, ing pagunungan
Naftali, lan Sikhem, ing pagunungan Efraim,
lan Kiryat-Arba yaiku Hebron, ing pagunungan
Yehuda. 8 Apadene ing sabrange bengawan
Yarden, ing sawetane kutha Yerikho kang
kapilih: Bezer ing ara-ara samun ing tanah
warata ing pagunungan, saka taler Ruben;
banjur Ramot, ing tanah Gilead, saka taler
Gad; sarta Golan ing tanah Basan, saka
taler Manasye. 9 Yaiku kutha-kutha kang
ditetepake kanggo wong Israel kabeh lan
kanggo para wong neneka kang ana ing
tengahe, supaya kenaa diungseni sok wonga
kang gawe pati klawan ora ditemaha, aja
nganti dipateni kang nedya njaluk supaya

nyaur pati, sadurunge wong mau kaladekake
marang ing parepataning pasamuwan.

Kutha-kutha trahe Lewi

21:1-42

21 [1] Para panggedhening kulawargane
wong Lewi banjur padha sowan ing
ngarsane Imam Eleazar lan ing ngarsane
Senapati Yusak, bin Nun sarta marang ing
ngarsane para kepalaning kulawargane
taler-taler Israel. [2] Nuli padha matur marang
panjenengane ana ing Silo tanah Kanaan
mangkene: "Sang Yehuwah sampun paring
dhawuh lumantar Nabi Musa, supados kula
kaparingana kitha-kitha ingkang sami kula
enggeni, dalah pangenanipun kangge raja-
kaya kula." [3] Wong Israel banjur masrahake
kutha-kutha kang kasebut ing ngisor iki dalah
pangonane marang wong Lewi, kajupukake
saka ing tanah-pusakane manut dhawuhe
Sang Yehuwah.
[4] Undhiane nuli tumiba marang gotrah-
gotrahe wong Kehat. Panunggalane wong Lewi
kang klebu tedhake Imam Harun padha oleh
undhian kutha telulas saka taler Yehuda, taler
Simeon lan taler Benyamin. [5] Dene kekarene
wong Kehat iku padha oleh kutha sepuluh
sarana kaundhi saka taler Efraim, taler Dhan
lan saka separone taler Manasye. [6] Turune
Gerson padha oleh kutha telulas sarana
kaundhi saka taler Isakhar, taler Asyer, taler
Naftali lan saka separoning taler Manasye

kang ana ing tanah Basan. 7 Trahe Merari
padha oleh kutha rolas sarana kaundhi saka
taler Ruben, teler Gad, lan taler Zebulon.
8 Mangkono dadine kutha-kutha mau dalah
pangonane padha dipasrahake wong Israel
marang wong Lewi sarana kaundhi, kaya kang
wus didhawuhake Sang Yehuwah lumantar
Nabi Musa.
9 Kang dipasrahake saka taler bani Yehuda
lan saka taler bani Simeon iku kutha-kutha
kang kasebut ing ngisor iki: 10 Para tedhake
Imam Harun, kang klebu gotrahe wong
Kehat, panunggalane bani Lewi, sarehne iku
kang padha tampa undhian kang wiwitan,
11 iku padha dipasrahi Kiryat-Arba, yaiku
Hebron, -- Arba iku leluhure suku Enak, -- ana
ing pagunungan Yehuda, dalah pangonane
sakubenge; 12 nanging pategalane kutha iku
lan padesane iku wus dipasrahake marang
Kaleb bin Yefune dadi darbeke. 13 Tedhake
Imam Harun iku padha diwenehi Hebron,
kutha pangungsene wong dosa pati, dalah
sapangonane, Libna sapangonane, 14 Yatir
sapangonane, Estemoa sapangonane,
15 Holon sapangonane, Debir sapangonane,
16 Ain sapangonane, Yuta sapangonane lan
Bet-Semes sapangonane: kutha sanga saka
taler loro mau. 17 Saka taler Benyamin: Gibeon
sapangonane, Geba sapangonane, 18 Anatot
sapangonane lan Almon sapangonane: kutha
papat. 19 Kuthane tedhake Imam Harun, yaiku
para imam, iku kabeh ana kutha telulas
sapangonane.

[20] Gotrah-gotrahe bani Kehat, yaiku kekarene
wong Lewi, saka ing antarane bani Kehat
mau, iku pandumane kutha-kutha kang
sarana kaundhi saka talere Efraim. [21] Iku
padha diparingi Sikhem, kutha pangungsening
wong dosa pati, dalah pangonane, kaprenah
ana ing pagunungan Efraim lan Gezer
sapangonane, [22] Kibzaim sapangonane lan
Bet-Horon sapangonane: kutha papat. [23] Saka
taler Dhan: Elteke sapangonane, Gibeton
sapangonane, [24] Ayalon sapangonane lan
Gat-Rimon sapangonane: kutha papat.
[25] Saka separone taler Manasye: Taanakh
sapangonane lan Gat-Rimon sapangonane:
kutha loro. [26] Gunggunge ana kutha sepuluh
sapangonane kanggo gotrah-gotrahe kekarene
bani Kehat.

[27] Bani Gerson, panunggalane gotrahe
wong Lewi, diparingi saka separoning
talere Manasye: Golan ing tanah Basan,
kutha pangungsene wong dosa pati, dalah
pangonane lan Beestera sapangonane:
kutha loro. [28] Saka taler Isakhar: Kisyon
sapangonane, Dobrat sapangonane, [29] Yarmut
sapangonane lan En-Ganim sapangonane:
kutha papat. [30] Saka taler Asyer: Misal
sapangonane, Abdon sapangonane, [31] Helkat
sapangonane lan Rehob sapangonane: kutha
papat. [32] Tuwin saka taler Naftali: Kedesy
ing tanah Galilea, kutha pangungsene wong
dosa pati, dalah pangonane, Hamor-Dor
sapangonane lan Kartan sapangonane: kutha

telu. 33 Kuthane wong Gerson miturut gotrahe
iku kabeh ana telulas sapangonane.
34 Gotrah-gotrahe wong bani Merari,
yaiku kekarene wong Lewi, iku padha
diparingi saka taler Zebulon: Yokneam
sapangonane, Karta sapangonane, 35 Dimna
sapangonane lan Nahalal sapangonane:
kutha papat. 36 Saka taler Ruben: Bezer
sapangonane, Yahas sapangonane, 37 Kedemot
sapangonane lan Mefaat sapangonane:
kutha papat. 38 Saka Taler Gad: Ramot ing
tanah Gilead, kutha pangungsene wong
dosa pati, dalah pangonane, Mahanaim
sapangonane, 39 Hesybon sapangonane,
Yaezer sapangonane, kabeh ana kutha papat.
40 Sakehe kutha iku mau dadi darbeke bani
Merari miturut gotrahe, yaiku kekarene
gotrahe wong Lewi, pandumaning undhiane
kutha rolas.
41 Sakehe kuthane wong trahe Lewi ana ing
satengahe darbeke wong Israel iku ana kutha
patang puluh wolu sapangonane. 42 Siji-sijining
kutha ana pangonane ing sakubenge, kuthane
kabeh padha kaya mangkono.

Ketentremaning nagara kang diprasetyakake dening Pangeran Yehuwah

21:43-45

43 Mangkono dadine saindenging nagara iku
diparingake Sang Yehuwah marang wong
Israel, yaiku nagara kang wus diprasetyakake

klawan supaos, yen bakal diparingake marang para leluhure, iya banjur kelakon diejegi lan dienggoni. 44 Sabanjure padha diparingi tentrem ing sakubenge dening Sang Yehuwah netepi prasetyane kang kanthi supaos marang para leluhure. Sakehing mungsuhe ora ana siji-sijia kang lestari urip ana ing ngarepe: Sakehing mungsuhe padha diulungake dening Sang Yehuwah marang ing tangane. 45 Samubarang kang becik, kang wus kaprasetyakake kabeh dening Sang Yehuwah marang turune Israel ora ana kang lincat, kabeh kelakon.

Taler-taler kang ana sabrange bengawan Yarden padha mulih

22:1-8

22 1 Sawuse mangkono Senapati Yusak nimbali wong Ruben lan wong Gad apadene separoning taler Manasye, 2 iku padha kadhawuhan mangkene: "Kowe wus padha netepi sakabehing prentahe Nabi Musa, abdine Sang Yehuwah marang kowe, lan iya wus ngestokake samubarang kang dakprentahake marang kowe. 3 Para sadulurmu ora padha koktinggal-tinggal wiwit nalika samana, nganti tumeka ing dina iki; malah kowe wus padha ngemen-ngemenake pamanutmu marang pepakene Sang Yehuwah Allahmu. 4 Anadene saiki Sang Yehuwah Gusti Allahmu wus paring tentrem marang para sedulurmu, kaya kang wus dadi prasetyane; mulane saiki kowe padha

muliha menyang kemahmu, iya menyang
bumi darbekmu, peparinge Nabi Musa abdine
Sang Yehuwah marang kowe ana sabrange
bengawan Yarden. 5 Mung ditlaten kang
banget anggonmu padha netepi pepakon lan
angger-angger kang wus diprentahake dening
Nabi Musa abdine Sang Yehuwah marang
kowe, bab enggonmu padha tresna marang
Sang Yehuwah Gusti Allahmu, lan padha
ngambaha ing sakehe dalan pitedhahe, tansah
netepi ing pepakene klawan rumaket marang
Panjenengane, apadene padha ngabektia
klawan gumolonging atimu lan gumolonging
nyawamu.” 6 Senapati Yusak banjur paring
berkah marang wong mau sarta padha dililani
mulih, tumuli padha mulih menyang kemahe.
7 Anadene mungguh talere Manasye kang
separo iku wus padha diparingi panduman
dening Nabi Musa ana ing tanah Basan; dene
separone wus diparingi panduman dening
Senapati Yusak ana ing antarane para sadulure
ing sakulone bengawan Yarden. Iku wus uga
dililani mulih menyang ing kemahe dening
Senapati Yusak kalawan padha disangoni
berkah, 8 sarta dipangandikani mangkene:
“Padha muliha menyang ing kemahmu klawan
nggawa kasugihan akeh lan raja-kaya akeh
banget, apadene selaka, mas, tembaga lan
wesi, tuwin sandhangan kang luwih dening
akeh. Barang rayahan saka mungsuhmu iku
edum-edumen karo para sadulurmu.”

Taler ing sabrange bengawan Yarden ngedegake misbyah

22:9-34

9 Mangkono dadine bani Ruben, bani Gad
tuwin separoning taler Manasye mau padha
bali mulih, ninggal wong Banisrael, mangkat
saka ing Silo ing tanah Kanaan menyang
tanah Gilead, kang wus dadi darbeke lan
wus dienggoni ngetrepi dhawuhe Sang
Yehuwah lumantar Nabi Musa. 10 Satekane ing
Gilead, ing sapinggire bengawan Yarden, ing
wewengkone tanah Kanaan, bani Ruben lan
bani Gad tuwin separoning talere Manasye
mau tumuli padha gawe misbyah ana ing
sapinggire bengawan Yarden kono, misbyah
kang gedhe. 11 Wong Israel, banjur padha
krungu pocapaning wong mangkene: "Lah bani
Ruben lan bani Gad tuwin separoning talere
Manasye iku padha gawe misbyah madhep
marang ing tanah Kanaan, ana ing Gelilot
sapinggire kali Yarden sandhinge dhaerahe
wong Israel." 12 Wong Israel bareng krungu
warta mangkono, tumuli padha nglumpuk ana
ing Silo, sumedya nglurugi perang.

13 Wong Israel banjur padha kongkonan
nemoni bani Ruben, bani Gad tuwin separoning
talere Manasye menyang ing tanah Gilead,
kang dikongkon Imam Pinehas bin Eleazar
14 kanthi para panggedhe sapuluh, saben talere
panggedhe siji, saka sakehe talere Israel;

siji-sijine dadi panggedhening kulawargane
ana ing satengahe kulawangsane Israel.
15 Bareng wus ketemu karo wong bani Ruben
lan wong bani Gad tuwin separoning talere
Manasye ana ing tanah Gilead, wong-wong iku
tumuli padha dipituturi mangkene: 16 "Pituture
umate Sang Yehuwah kabeh mangkene:
Kepriye dene kowe padha nglakoni panggawe
kang ora setya marang Gusti Allahe Israel,
kowe padha ngungkurake Pangeran Yehuwah
yaiku anggonmu padha gawe misbyah kanggo
kowe dhewe, dadine ing dina iki padha
mbalila marang Sang Yehuwah? 17 Laku ngiwa
kang krana saka Peor iku apa durung cukup
ing ngatase kita; mangka tumeka ing dina
iki najis kita iku durung karesikan, kang
njalari umate Sang Yehuwah ketaman ing
wewelak; 18 ewadene kowe iku saiki kok padha
ngungkurake Sang Yehuwah maneh. Menawa
ing dina iki kowe padha mbalela marang Sang
Yehuwah, sesuk bakal ana bebendu kang
tumempuh marang umat Israel kabeh. 19 Dene
menawa tanah darbekmu iku kadunungan
najis, mara ta padha nyabranga menyang
ing tanah kagungane Sang Yehuwah, ing
panggonaning Tarub Sucine Sang Yehuwah,
lan padha manggona ana ing tengahku kana.
Mung bae aja mbalela marang Sang Yehuwah,
lan iya aja mbalela marang aku kabeh kanthi
gawe misbyah kanggo awakmu dhewe, kejaba
saka misbyah kagungane Sang Yehuwah Gusti
Allah kita. 20 Nalika Akhan bin Zerah nglakoni
panerak tumrap barang tebusan, rak tumuli

ana bebendu kang tumiba ing umate Israel
kabeh, tur ora ngemungake wong siji iku bae
kang mati marga saka dosane.”
21 Ing kono wong bani Ruben lan wong
bani Gad tuwin separoning taler Manasye
padha mangsuli atur marang para panggedhe
ing kulawangsane Israel: 22 “Gusti Allahipun
sadaya allah, Sang Yehuwah inggih Gusti
Allahipun sadaya allah, Sang Yehuwah, punika
ingkang nguningani sarta tiyang Israel pantes
ugi nyumerepi! Manawi kalampahanipun
punika margi saking kekajengan badhe mbalila
utawi boten setya dhumateng Sang Yehuwah,
kula sampun ngantos sami kaparingan
wilujeng dening Yehuwah ing dinten punika;
23 manawi anggen kula damel misbyah punika
margi sumedya badhe ngungkuraken Sang
Yehuwah, utawi badhe kula angge caos kurban
obaran saha kurban dhaharan, punapa dene
kula angge caos kurban kawilujengan, mugi
Sang Yehuwah piyambak ingkang paring
piwales dhateng kula sadaya. 24 Sayektosipun
anggen kula ngantos sami nglampahi makaten
punika, namung kabekta saking sumelanging
bab setunggaling prekawis. Kula sami manah:
Bokmanawi putra wayah panjenengan ing
tembe badhe sami gadhah wicanten dhateng
anak putu kula mekaten: Kowe padha melu-
melu apa karo Sang Yehuwah Gusti Allahe
Israel? 25 Rak bengawan Yarden iku kang wis
kapesthi dening Sang Yehuwah dadi wates ing
antarane aku karo kowe, he bani Ruben lan
bani Gad; kowe padha ora duwe panduman

bab ing ngatase Pangeran Yehuwah. Mekaten
putra wayah panjenengan wau bokmenawi
badhe sami ngampah dhateng anak putu
kula anggenipun sami ngabekti dhumateng
Sang Yehuwah. 26 Pramila kula sami wicanten:
Becike aku padha ngadegake misbyah iku
kanggo kita. Boten kangge caos kurban
obaran tuwin kurban sembelehan, 27 namung
supados misbyah punika dados seksi ing
antawisipun kula kaliyan panjenengan sarta
ing antawisipun turun kita ing sapengker
kita, bilih kula badhe sami tetep ngabekti
dhumateng Sang Yehuwah wonten ing
ngarsanipun mawi kurban obaran, kurban
sembelehan, saha kurban kula kawilujengan;
supados putra wayah panjenengan ing
benjing sampun ngantos wonten tembungipun
dhateng anak putu kula: Kowe padha ora duwe
panduman ing ngatase Sang Yehuwah. 28 Ing
salajengipun kula sami wicanten: Saupama
besuk padha duwe pangucap marang kita
utawa marang turun kita kaya mangkono, nuli
kita bakal padha mangsuli: Padha delengen
ta wangune tetironing misbyahe Pangeran
Yehuwah gaweane para leluhurku; iku ora
kanggo kurban obaran, kurban dhaharan
utawa kurban sembelehan, nanging iku
dadi seksi ana ing antarane aku lan kowe.
29 Sakalangkung tebih saking kula,manawi
kula sami mbalela dhumateng Sang Yehuwah,
utawi sami ngungkuraken Sang Yehuwah
ing dinten punika, margi damel misbyah
kangge kurban obaran, kurban dhaharan

utawi kurban sembelehan, anjawi saking
misbyah kagunganipun Sang Yehuwah Gusti
Allah kula ingkang wonten ing ngajengipun
Tarub-Sucinipun.”
[30] Imam Pinehas lan para panggedhene umat
lan para panggedhening kulawangsane wong
Israel kang padha ndherek, bareng padha
mireng tembung kang diucapake dening bani
Ruben lan bani Gad tuwin bani Manasye,
bab iku banjur kaanggep prayoga. [31] Imam
Pinehas bin Eleazar tumuli ngandika marang
bani Ruben lan bani Gad tuwin bani Manasye:
“Saiki aku padha sumurup yen Sang Yehuwah
ana ing tengah kita, marga kowe ora padha
nyimpang saka ing kasetyanmu marang Sang
Yehuwah; marga saka iku kowe temah padha
ngluwari wong Israel saka ing paukumaning
Yehuwah.”
[32] Imam Pinehas bin Eleazar karo para
panggedhe mau banjur padha nilar bani
Ruben lan bani Gad ing tanah Gilead, kondur
menyang ing tanah Kanaan, manggihi wong
Israel klawan ngluntakake pawarta mau.
[33] Anadene wangsulan mau iya kaanggep
prayoga dening wong Israel, sarta wong Israel
tumuli padha memuji marang Gusti Allah, lan
wus ora rerasanan maneh bab nglurugi perang
lan sumedya ngrusak nagara kang dienggoni
dening bani Ruben lan bani Gad. [34] Bani
Ruben lan bani Gad banjur padha njenengake
misbyah mau: Seksi, marga iku dadi seksi ana
ing antara kita, yen Sang Yehuwah iku Gusti
Allah.

Sesorahe Senapati Yusak nalika pamitan marang para panuntuning bangsa iku

23:1-16

23 1 Sawuse antara lawas, ing nalikane
Sang Yehuwah wus paring tentrem
marang Israel, uwal saka sakehe mungsuhe
ing sakubenge, lan nalika Senapati Yusak
wus sepuh, wus akeh yuswane, 2 Senapati
Yusak banjur nimbali wong Israel kabeh,
para tuwa-tuwane, para panggedhene, para
hakime lan para tetindhihing wadyabala;
iku kabeh padha dipangandikani mangkene:
“Aku iki wus tuwa, wus akeh umurku, 3 lan
kowe padha weruh dhewe apa kang wus
ditandukake dening Sang Yehuwah Gusti
Allahmu marang sakehe bangsa ing kene
marga saka kowe kabeh, sabab Pangeran
Yehuwah, Gusti Allahmu iku kang nyarirani
perangmu. 4 Dieling, tlatahe sakehing para
bangsa kang isih kari iku wus dakpandumake
marang taler-talermu srana kaundhi dadi
warisanmu wiwit ing bengawan Yarden, --
padha uga kaya sakehing bangsa kang wus
daktumpes ing waktu iku, -- nganti tutug ing
Segara Gedhe ing papan suruping srengenge.
5 Sang Yehuwah Gusti Allahmu piyambak
kang bakal nundhungi para bangsa mau
ana ing ngarepmu lan nglungakake saka ing
ngarepmu, temah kowe padha bisa ngejegi
nagarane kaya kang wus diprasetyakake
dening Sang Yehuwah Allahmu marang

kowe. [6] Kang iku kowe padha dipanggah
anggonmu netepi lan nglakoni sakabehe
kang katulisan ana ing kitab angger-anggere
Nabi Musa, supaya aja nganti nyimpang
mangiwa utawa manengen. [7] Aja nganti padha
srawungan karo para bangsa kang isih ana
ing tengah-tengahmu, sarta aja nganggep
marang jenenge para allahe utawa supata
demi iku, lan iku aja padha kokbekteni utawa
koksujudi. [8] Nanging padha rumaketa marang
Sang Yehuwah Allahmu dikaya anggonmu
wus padha nglakoni nganti tumeka ing dina
iki. [9] Sang Yehuwah rak wus nundhungi
bangsa-bangsa kang gedhe lan santosa saka
ing ngarepmu, sarta mungguh ing ngatase
kowe ora ana wong siji-sijia kang lestari urip
ana ing ngarepmu nganti tumeka ing dina iki.
[10] Wong siji bae panunggalanmu bakal bisa
mburu wong sewu, awit dene Sang Yehuwah
Gusti Allahmu piyambak kang nyarirani
perangmu, kaya kang wus dadi prasetyane
marang kowe. [11] Kang iku dipadha mantep
anggonmu padha asih marang Pangeran
Yehuwah, Gusti Allahmu kang marga saka
nyawamu. [12] Amarga manawa kowe padha
mreduli lan padha rumaket marang kekarene
para bangsa kang isih kari ana ing antaramu
iki, malah nganti padha bebesanan lan
sesrawungan karo wong-wong iku [13] titenana
temenan, yen Sang Yehuwah Gusti Allahmu
mesthi bakal ora nundhungi para bangsa iku
maneh saka ing ngarepmu, malah iku bakal
padha dadi kala lan jiret tumrap ing kowe,

tuwin dadi pecut tumrap ing lambungmu,
apadene dadi klilip ana ing mripatmu, nganti
kowe padha tumpes sirna saka ing tanah
kang becik paparinge Sang Yehuwah Gusti
Allahmu marang kowe iki. 14 Anadene ing
samengko lah aku iki sadhela engkas bakal
ngambah ing dalane samubarang kang kena
ing rusak. Mulane kowe padha ngrasakna
diklawan gumolonging atimu lan gumolonging
nyawamu, yen mungguh sakehing prakara
kang becik, kang wus dijanjekake dening
Sang Yehuwah Gusti Allahmu ing ngatasi
kowe, iku ora ana kang ora dileksanani.
15 Nanging padha kaya dene sakehing prakara
kang becik kang wus kajanjekake dening
Sang Yehuwah Gusti Allahmu iku kabeh
wus kelakon, mangkono uga Sang Yehuwah
iya bakal nekakake marang kowe sakehing
prakara kang ora becik, nganti kowe padha
katumpes kasirnakake saka ing tanah kang
becik peparinge Sang Yehuwah Gusti Allahmu
marang kowe iki, 16 menawa kowe padha
nerak prajanjian kang wus kadhawuhake
dening Sang Yehuwah Gusti Allahmu marang
kowe, sarta lunga ngabekti lan sujud marang
allah liyane, ing kono bakal mulad-mulad
bebendune Sang Yehuwah marang kowe,
temah kowe bakal enggal tumpes sirna saka
ing nagara kang becik kang wus kaparingake
marang kowe.”

Prajanjian ing Sikhem dianyarake

24:1-28

24 1 Sawuse mangkono Senapati Yusak tumuli nglempakake sakehing talere wong Israel ana ing Sikhem, banjur nimbali para tuwa-tuwane Israel lan para panggedhene, para hakime tuwin para tetindhihing wadyabala. Iku kabeh nuli padha seba marang ing ngarsane Gusti Allah.
2 Senapati Yusak tumuli ngandika marang bangsa iku kabeh: Pangandikane Pangeran Yehuwah Gusti Allahe Israel mangkene: Dhek biyen leluhurira padha manggon ana ing sabrange bengawan Efrat yaiku Terah bapakne Abraham lan Nahor, sarta padha
ngabekti marang allah liyane. 3 Nanging
leluhurira Abraham nuli Sunpundhut saka ing sabrange bengawan Efrat kono, Sundhawuhi ndlajahi satlatahe tanah Kanaan kabeh, sarta turune Sundadekake akeh tuwin Sunparingi
Iskak. 4 Iskak iku Sunparingi Yakub lan Esap;
sarta Esap Sunparingi pagunungan Seir dadi darbeke, dene Yakub saanak putune nuli padha lunga menyang ing tanah Mesir.
5 Ingsun banjur ngutus Musa lan Harun sarta tanah Mesir Sundhawuhi wewelak, iya kaya kang Suntindakake ana ing tengahe. Sawuse mangkono sira tumuli padha Sunirid metu.
6 Bareng leluhurira wus padha Sunirid metu saka ing tanah Mesir lan sira wus padha tekan ing segara, wong Mesir banjur padha

nututi para leluhurira kalawan bala kretan
lan jaranan nganti tutug ing Segara Teberau.
7 Para leluhurira tumuli padha sesambat
marang Sang Yehuwah, Panjeneengane
tumuli ndhatengake peteng ndhedhet ana
ing antarane sira lan wong Mesir, sarta
ndhatengake banyu segara, satemah wong
Mesir iku padha kasasaban ing segara.
Mripatira wus padha ndeleng dhewe apa
kang Suntandukakake marang Mesir. Sawuse
mangkono leluhurira padha manggon ana
ing ara-ara samun nganti antara lawas. 8 Nuli
sira padha Sunirid lumebu ing nagarane
wong Amori kang manggon ana ing sabrange
bengawan Yarden. Iku padha nglawan perang,
nanging padha Sunulungake ing tanganira,
temah nagarane banjur sira ejegi lan wonge
padha Sunsirnakakake saka ing ngarepira.
9 Nalika iku Balak anake Zipor ratu ing Moab,
banjur tumandang nglawan wong Israel tuwin
kongkonan nyeluk Bileam bin Beor dikon
ngipat-ipati leluhurira. 10 Nanging Ingsun ora
karsa nyembadani marang Bileam mau, temah
sira malah padha diberkahi. Kaya mangkono
anggoningSun ngluwari sira saka ing tangane.
11 Bareng sira wus padha nyabrang ing
bengawan Yarden, lan wus tekan ing Yerikho,
wong-wong ing kutha iku, wong Amori, wong
Feris, wong Kanaan, wong Het, wong Girgasi,
wong Hewi lan wong Yebus banjur padha
nglawan perang, nanging padha Sunulungake
ing tanganira. 12 Ingsun banjur ngeculake laler
cathak ana ing ngarepira, kang marakake

wong padha keplayu saka ing ngarepira,
padha kaya ratune wong Amori loro, ora srana
pedhangira lan ora srana panahira. 13 Kaya
mangkono anggone para leluhurira padha
Sunparingi nagara, kang padha sira ebeki ora
kalawan rekasa, lan kutha-kutha kang ora sira
degake, nanging sira kang padha ngenggoni,
apadene pakebonan anggur lan wit jaitun
kang ora sira tandur, nanging sira kang padha
mangan wohe.
14 Kang iku ing samengko kowe padha
wedi-asiha marang Pangeran Yehuwah lan
ngabektia marang Panjenengane klawan
tulus eklas lan setya, sarta padha ngedohna
allah sesembahane para leluhurmu ana ing
sabrange bengawan Efrat lan ing tanah Mesir,
tuwin padha ngabektia marang Pangeran
Yehuwah. 15 Nanging manawa panimbangmu
ora prayoga ngabekti marang Pangeran
Yehuwah, mara ing dina iki kowe padha miliha,
sapa kang arep kokbekteni, apa allah kang
dibekteni para leluhurmu ana ing sabrange
bengawan Efrat, apa allahe wong Amori kang
nagarane padha kokenggoni iki. Nanging
mungguh ing aku lan sakulawangsaku iki,
aku bakal padha ngabekti marang Pangeran
Yehuwah!”
16 Ing kono wong-wong padha mangsuli,
ature: “Tebiha saking kula yen kula sami
nilara dhumateng Pangeran Yehuwah, lajeng
ngabekti dhateng allah sanesipun! 17 Amargi
Pangeran Yehuwah, Gusti Allah kita, punika
ingkang sampun ngentasaken kita saking

tanah Mesir, papan pangawulan, sarta ingkang sampun nindakaken pratandha-pratandha mukjijat ingkang ageng punika ing sapaningal kula, punapa dene ingkang sampun ngreksa kita wonten ing sauruting margi ingkang kula ambah, saha wonten ing antawisipun sakathahing bangsa ingkang kula langkungi
tanahipun. 18 Sang Yehuwah ingkang sampun nundhungi sakathahipun bangsa saha tiyang Amori, ingkang manggen ing nagari ngriki saking ngajengan kula. Kula inggih sami badhe ngabekti dhumateng Pangeran Yehuwah, amargi inggih Panjenenganipun punika Gusti Allah kita."
19 Nanging pangandikane Senapati Yusak marang wong-wong mau: "Kowe mangsa padha bisaa ngabekti marang Sang Yehuwah, amarga Panjenengane iku Gusti Allah kang suci, kang butajengan. Panjenengane bakal ora ngapura kaluputan lan dosamu.
20 Menawa kowe padha nyingkur marang Sang Yehuwah lan ngabekti marang allah liyane, Panjenengane bakal nilar kowe lan banjur nandukake kang ora becik marang kowe lan numpes marang kowe, sawuse nyaeni marang
kowe ing maune." 21 Nanging ature wong-wong marang Senapati Yusak: "Boten, kula namung badhe sami ngabekti dhumateng Sang
Yehuwah." 22 Senapati Yusak banjur ngandika marang wong-wong iku: "Kowe padha dadi seksi ing ngatase awakmu dhewe, yen kowe wus padha milih Pangeran Yehuwah lan bakal padha ngabekti marang Panjenengane." Atur

wangsulane wong-wong mau: “Inggih kula
sami dados seksi.” 23 “Kang iku ing samengko
kowe padha mbuwangana allah liya-liyane
kang ana ing tengahmu lan atimu padha
adhepna marang Sang Yehuwah Gusti Allahe
Israel.” 24 Atur wangsulane wong-wong mau
marang Senapati Yusak: “Kula sami badhe
ngabekti dhumateng Sang Yehuwah, Gusti
Allah kita saha ngestokaken dhawuhipun.”
25 Ing dina iku uga Senapati Yusak damel
prajanjian karo wong-wong mau sarta damel
katetepan lan pranatan ana ing Sikhem
kono. 26 Senapati Yusak banjur nyerati
sakehing pangandika iku mau ana ing kitab
angger-anggere Gusti Allah, banjur mundhut
watu gedhe siji diadegake ana ing papan
kono ana ing sangisore wit-witan kang gedhe,
ing sacedhaking pasucene Sang Yehuwah.
27 Senapati Yusak nuli ngandika marang wong
sabangsa kabeh: “Lah watu iki minangka seksi
tumrap kita, amarga wus krungu sakehing
pangandikane Sang Yehuwah kang wus
kadhawuhake marang kita. Mulane watu iki
bakal dadi seksi tumrap ing kowe, supaya
kowe aja nganti padha nyelaki marang
Gusti Allahmu.” 28 Senapati Yusak tumuli
nglilani wong akeh padha mulih menyang ing
tanah-pusakane dhewe-dhewe.

Senapati Yusak lan Imam Eleazar seda sarta banjur kasarekake

Tosane Sang Yusup dipetak

24:29-33

29 Sawuse lelakon iku mau, Senapati Yusak
bin Nun abdine Sang Yehuwah banjur seda,
yuswane satus sepuluh taun. 30 Panjenengane
nuli disarekake ana ing wewengkone tanah-
pusakane ing Timnat-Serah, kang ana ing
pagunungan Efraim, ing salore gunung Gaas.
31 Dene wong Israel iku tetep anggone padha
ngabekti marang Sang Yehuwah salawase
sugenge Senapati Yusak lan ing jamane para
tuwa-tuwa kang umure luwih dawa tinimbang
Senapati Yusak mau lan kang padha menangi
sakehing pandamele Sang Yehuwah kang wus
katindakake kanggo wong Israel.
32 Karodene tosane Sang Adipati Yusup, kang
wus digawa wong Israel saka ing tanah Mesir,
iku iya disarekake uga ana ing Sikhem, ing
bumi kang kapundhut dening Rama Yakub
saka para putrane Sang Hemor, ramane Sang
Sikhem kanthi rega satus kesitah, sarta kang
banjur katetepake dadi darbeke tedhake
Adipati Yusup, minangka tanah-pusakane.
33 Imam Eleazar bin Harun iya seda, tumuli
disarekake ana ing tetengger ing pagunungan
Efraim, kang diparingake marang kang putra
Sang Pinehas.

PARA HAKIM

Kaanane wong Israel sasedane Senapati Yusak

1:1-36

1 [1] Sasedane Rama Yusak wong Israel tumuli
padha neges marang Sang Yehuwah:
“Panunggilan kawula sinten ingkang kedah
ngrumiyini nglurug perang nglawan bangsa
Kanaan?” [2] Pangandikane Sang Yehuwah:
“Taler Yehuda kang kudu nglurug, satemene
nagara iku wus Sunulungake ing tangane.”
[3] Yehuda banjur ngajak Simeon sadulure:
“Payo padha bebarengan nglurug menyang
ing pandumaning undhianku, padha nglawan
perang marang wong Kanaan, dene aku
besuk bakal uga genti mbiyantu kowe nglurug
menyang ing pandumaning undhianmu.”
Simeon banjur maju perang bebarengan
karo Yehuda. [4] Taler Yehuda banjur mangkat,
Sang Yehuwah nuli ngulungake wong Kanaan
lan wong Feris ing tangane, temah padha
kagecak ana ing Bezek, sepuluh ewu kehe.
[5] Sang Prabu Adhoni-Bezek kepranggul ana
ing Bezek, tumuli ditempuh perang, tuwin
wong-wong Kanaan lan wong Feris padha
disorake. [6] Nanging Sang Prabu Adhoni-Bezek
keplajeng, banjur dioyak temah kecekel,
sarta jempolaning asta lan sampeyane

padha diprotholi. 7 Pangandikane Sang
Prabu Adhoni-Bezek: “Suwaunipun wonten
ratu pitung dasa sami ndlosor wonten ing
sangandhaping meja kula, ngukupi sisaning
tedha, sadaya sami kaprotholan jempolaning
tangan lan sukunipun; kadosdene ingkang
sampun kula tindakaken, inggih makaten
pamalesipun Gusti Allah dhateng kula.” Prabu
Adhoni-Bezek mau tumuli digawa menyang
ing Yerusalem lan seda ana ing kono.
8 Sawuse iku bani Yehuda banjur perang
nglawan Yerusalem, nganti bedhah, kutha
iku banjur ditumpes klawan landheping
pedhang lan dilebur klawan geni. 9 Sawuse
mangkono bani Yehuda banjur nglurug perang
nglawan wong Kanaan, kang manggon ana ing
pegunungan, ing Tanah Negeb lan ing Dhaerah
Pagunungan.
10 Yehuda tumuli nglurugi wong Kanaan
kang manggon ana ing Hebron -- jenenge
Hebron biyen Kiryat-Arba -- sarta ngesorake
Sesai, Ahiman lan Talmai. 11 Saka ing kono
banjur nempuh pendhudhuk ing kutha Dhebir,
Dhebir iku maune aran Kiryat-Sefer. 12 Ana
pangandikane Rama Kaleb mangkene: “Sing
sapa bisa ngalahake Kiryat-Sefer, nganti bisa
bedhah, bakal daktrimani anakku wadon
Akhsa dadi bojone.” 13 Lan kutha mau tumuli
dibedhah dening Sang Otniel, putrane Sang
Kenas, rayine Rama Kaleb, banjur iya ditrimani
Ibu Akhsa, putrine mau, dadi garwane.
14 Nalika Ibu Akhsa mau kapanggihake tumuli
ngojok-ojoki kang kakung supaya nyuwun

pategalan marang kang rama. Ibu Akhsa
banjur mandhap saka ing kuldine. Pandangune
Rama Kaleb: “Ana apa?” 15 Atur wangsulane
ibu Akhsa: “Kula mugi panjenengan paringi
ganjaran, sarehning kula panjenengan paringi
siti cengkar, mugi ugi kaparingana sumber.”
Tumuli diparingi sumber dening Rama Kaleb
kang ana ing tenggeran lan kang ana ing
ledhokan.
16 Turune Hobab, ipene Nabi Musa, wong
Keni, uga padha melu nglurug saka ing kutha
Wit Kurma mbiyantu perange bani Yehuda
menyang ing ara-ara samun ing tanah Yehuda
ing Tanah Negeb sacedhake Arad; banjur
padha manggon ana ing antarane wong
kono. 17 Yehuda banjur mbiyantu pangluruge
Simeon, sadulure, sarta padha ngesorake
wong Kanaan, pendhudhuk ing Zefat, kutha
iku katumpes. Mulane kutha mau banjur
dielih arane: Horma. 18 Sabanjure taler
Yehuda ngrebut kutha Gaza sawewengkone
lan Askelon sawewengkone, apadene Ekron
sawewengkone. 19 Lan Pangeran Yehuwah
nunggil karo taler Yehuda, temah banjur
ngejegi pagunungan iku; nanging ora bisa
nundhungi wong ing Lebak, amarga iku padha
duwe kreta-perang wesi. 20 Hebron iku wus
kaparingke marang Rama Kaleb kayadene
kang biyen wus kadhawuhake Nabi Musa.
Rama kaleb banjur nundhungi turune Enak
tetelu saka ing kono.
21 Nanging wong Yebus, kang manggon ana
ing Yerusalem ora ditundhung dening bani

Benyamin, dadine wong Yebus iku isih padha
manggon awor karo bani Benyamin ana ing
Yerusalem nganti saprene.
22 Turune Sang Adipati Yusup iya padha
mangsah nempuh Betel lan Sang Yehuwah
nunggil karo wong-wong iku. 23 Turune Sang
Adipati Yusup padha nglakokake telik menyang
ing Betel -- kutha iku maune aran Lus --.
24 Bareng telik mau padha ndeleng wong siji
kang metu saka ing kutha, banjur celathu:
“Aku tulungana, tuduhna dalane lumebu
menyang kutha, nuli kowe bakal dakanggep
kaya mitra!” 25 Sawuse dituduhake dalane
lumebu menyang kutha, saisining kutha tumuli
ditumpes klawan landheping pedhang, nanging
wong siji mau dililani lunga sakulawargane.
26 Wong iku banjur menyang ing tanahe
bangsa Het, ana ing kono yasa kutha, kang
diarani Lus. Mangkono arane kutha iku tetep
nganti saprene.
27 Taler Manasye ora nundhungi wong
ing Bet-Sean sawewengkone, wong
ing Taanakh sawewengkone, wong ing
Dhor sawewengkone, wong ing Yibleam
sawewengkone tuwin wong ing Megidho
sawewengkone, amarga wong Kanaan meksa
padha nekad manggon ana ing tanah kono.
28 Bareng wong Israel wiwit kuwasa, wong
Kanaan mau padha didadekake wong nyangga
karya, nanging ora padha ditundhungi babar
pisan.
29 Taler Efraim uga ora nundhungi wong
Kanaan kang manggon ana ing Gezer, dadine

wong Kanaan mau padha lestari manggon ana
ing satengahe ana ing Gezer.
30 Taler Zebulon ora nundhungi wong
ing Kitron lan ing Nahalol, dadine wong
Kanaan mau padha lestari manggon ana ing
satengahe, sanajan padha didadekake wong
nyangga karya.
31 Taler Asyer ora nundhungi wong ing Ako,
mangkono uga wong ing Sidon, ing Ahlab, ing
Akhzib, Khelba, Afik, lan ing Rehob. 32 Dadine
wong Asyer iku padha manggon ing satengahe
wong Kanaan, pendhudhuk asli ing nagara
kono, amarga padha ora ditundhungi.
33 Taler Naftali ora nundhungi wong ing
Bet-Semes lan ing Bet-Anat, dadine padha
manggon ana ing satengahe wong Kanaan,
pendhudhuk asli ing nagara kono, nanging
wong ing Bet-Semes lan ing Bet-Anat padha
didadekake wong nyangga karya.
34 Wong bani Dhan padha kaendhih menyang
ing pagunungan dening wong Amori, lan
padha dialang-alangi anggone arep mudhun
menyang ing lebak. 35 Lan wong Amori meksa
padha nekad manggon ana ing Har-Heres,
ing Ayalon lan ing Saalbim, sanadyan padha
katindhes dening tedhake Sang Yusup, mulane
padha didadekake wong kang nyangga karya.
36 Tlatahe bangsa Amori iku wiwit saka ing
unggah-unggahan ing Akrabim, saka ing Sela
terus mandhuwur.

Sang Malaekating Yehuwah ana ing Bokhim

2:1-5

2 [1] Sang Malaekating Yehuwah nuli
tindak saka ing Gilgal menyang ing
Bokhim sarta ngandika: “Ingsun wus ngirid
lakunira metu saka ing tanah Mesir, lan sira
padha Sunlebokake ing tanah kang wus
Sunprasetyakake kanthi supaos marang para
leluhurira klawan pangandika: Ingsun ora
bakal nyandekakake prasetyaningSun klawan
sira ing salawas-lawase, [2] nanging sira iku aja
gawe prajanjian karo wong ing tanah kene,
misbyahe malah bubrahana. Nanging sira
padha ora ngestokake marang dhawuhingSun.
Kapriye dene sira kok padha mangkono?
[3] Ingsun malah uga wus ngandika: Wong
iku bakal padha ora Suntundhungi saka ing
ngarepanira, malah iku bakal padha dadi
mungsuhira sarta sakehing allahe bakal padha
dadi kalajiret tumrap sira.” [4] Bareng Sang
Malaekating Yehuwah mau wus ngandika
mangkono marang wong Israel kabeh,
wong-wong iku tumuli padha nangis sora.
[5] Mulane panggonan iku diarani Bokhim.
Wong-wong mau banjur padha nyaosake
kurban marang Sang Yehuwah ana ing kono.

Wong Israel padha nyembah brahala ing jamane para hakim

2:6-23

6 Sawuse Senapati Yusak nglilani mundur
wong Israel banjur padha mangkat siji-sijine
menyang ing tanah-pusakane, lan padha
ngebeki nagara kono. 7 Anadene bangsa
mau tetep padha ngabekti marang Sang
Yehuwah salawase sugenge Senapati Yusak
lan salawase sugenge para sesepuh kang isih
kasambungan yuswane nganti sapengkere
Senapati Yusak, lan kang padha menangi
sakehing kaelokane Sang Yehuwah kang
ditandukakake marang Israel. 8 Lan Senapati
Yusak bin Nun, abdine Sang Yehuwah
iku seda, yuswane satus sepuluh taun,
9 banjur disarekake ana ing tanah pusakane
Timnat-Heres, ing pagunungan Efraim, salore
gunung Gaas.
10 Kacarita bareng wong sabarakane iku
kabeh wus padha kaklumpukake karo para
leluhure, banjur tuwuh golongan liyane,
kang ora wanuh marang Sang Yehuwah
lan ora ngreti bab apa kang katandukake
dening Panjenengane marang wong Israel.
11 Wong Israel tumuli padha nglakoni kang
ala ana ing paningale Sang Yehuwah, padha
ngabekti marang para Baal. 12 Padha nyingkur
marang sang Yehuwah, Gusti Allahe para
leluhure, kang wus ngentasake saka ing
tanah Mesir, padha manut marang allah

liya-liyane, panunggalane para allahe para
bangsa kang ana ing sakubenge, sarta padha
sujud marang iku, temah damel gerahe
panggalihe Sang Yehuwah. 13 Mangkono
anggone padha nyingkur Sang Yehuwah,
sarta Baal tuwin Asytoret padha disembah.
14 Temah bebendune Sang Yehuwah mulad-
mulad marang wong Israel, mulane padha
diulungake marang ing tanganing rampog
sarta dipasrahake marang pamengkune para
mungsuhe ing sakubenge, temah padha ora
bisa nanggulangi mungsuhe mau. 15 Menyanga
ngendi bae pangluruge padha dilawan dening
astane Sang Yehuwah, temah nemu tiwas,
ngetrepi apa kang kadhawuhake dening Sang
Yehuwah kalawan supaos, temahan padha
banget susahe. 16 Ing kono Sang Yehuwah
banjur njumenengake hakim; kang padha
ngluwari saka ing tanganing rampog.
17 Nanging para hakim mau uga padha ora
dipreduli, awit padha bebedhangan ngetutake
allah liya-liyane klawan padha disujudi. Wong
Banisrael padha nyimpang saka ing dalan
ambah-ambahane para leluhure kang padha
ngestokake ing pepakone Sang Yehuwah,
sarta padha nglakoni kang ora pantes.
18 Saben-saben manawa Sang Yehuwah
njumenengake hakim ana ing antarane,
Sang Yehuwah banjur nunggil karo hakim
itu sarta ngluwari umate saka ing tanganing
mungsuhe, salawase sugenge hakim mau,
amarga Sang Yehuwah welas midhangetake
pasambate, kang awit saka wong kang

padha gawe rupeke lan nindhes. [19] Nanging
manawa hakim iku seda, tumuli padha
tumindak ala maneh, luwih ala katimbang karo
leluhure, padha manut allah liya-liyane klawan
padha dibekteni lan disujudi; padha ora
ngunduri pisan-pisan pratingkah lan lakune
kang ndlarung iku. [20] Manawa bebendune
Sang Yehuwah mulad-mulad marang wong
Israel, pangandikane mangkene: "Sarehne
bangsa iki nerak prasetyaningSun, kang wus
Sundhawuhake marang para leluhure, lan
padha ora nggatekake marang dhawuhingSun,
[21] mulane Ingsun ora karsa nglajengake
nundhungi bangsa siji-sijia saka ing
ngarepane, kang isih dikarekake dening Yusak
nalika matine, [22] supaya bangsa-bangsa iku
kena Sunagem nyoba wong Israel, apa bakal
padha lestari ngambah ing dalan pitedahe
Sang Yehuwah kayadene para leluhure apa
ora." [23] Mangkono dadine bangsa-bangsa iku
mau padha dilestarekake manggon dening
Sang Yehuwah lan ora enggal ditundhungi
lunga, sarta ora diulungake marang tangane
Sanapati Yusak.

Bangsa-bangsa asli kang dilestarekake manggon ing tanah Kanaan

3:1-6

3 [1] Iki pratelane bangsa-bangsa kang
dilestarekake manggon dening sang
Yehuwah prelu diagem nyoba marang Israel,
yaiku sakehe wong Israel kang padha ora

sumurup marang perang ing tanah Kanaan.
2 Iku mung supaya turune wong Israel
kang durung tau ngalami perang kaya kang
uwis-uwis, padha dilatih perang dening Sang
Yehuwah. 3 Kang isih yaiku ratu kutha lelima
ing tanah Filisti lan sakehe wong Kanaan,
wong Sidon tuwin wong Hewi kang padha
ngenggoni pagunungan Libanon, wiwit ing
gunung Baal-Hermon tutug ing dalan kang
menyang ing Hamat. 4 Iku kang padha ana
ing kono, prelu diagem dening Panjenengane
kagem nyoba marang wong Israel, apa padha
ngestokake pepakene Sang Yehuwah kang wus
didhawuhake marang para leluhure lumantar
Nabi Musa.
5 Kaya mangkono dadine wong Israel padha
manggon awor karo bangsa Kanaan, wong
Het, wong Amori, wong Feris, wong Hewi lan
wong Yebus. 6 Wong Israel padha ngalap anake
wadon dadi bojone lan anake wadon padha
diolehake karo anake lanang wong-wong iku,
sarta padha ngabekti marang para allahe
wong-wong iku.

Sang Otniel

3:7-11

7 Wong Israel padha nglakoni kang ala
ana ing paningale Sang Yehuwah lan padha
lali marang Sang Yehuwah, Gusti Allahe
tuwin padha ngabekti marang para Baal lan
para Asyera. 8 Bebendune Sang Yehuwah
temah mulad-mulad marang wong Israel,

wong-wong iku banjur dipasrahake marang
Sang Prabu Kusyan-Risyataim, ratu ing
Aram-Mesopotamia, tuwin wong Israel
nuli padha ngawula marang Sang Prabu
Kusyan-Risyataim mau wolung taun lawase.
9 Wong Israel nuli padha sesambat marang
Sang Yehuwah, Pangeran Yehuwah tumuli
maringi juru pangluwaran, yaiku Sang Otniel,
putrane Sang Kenas, rayine Rama Kaleb. 10 Iku
kaayoman ing Rohe Sang Yehuwah sarta dadi
hakime wong Israel. Panjenengane majeng
perang, Sang Yehuwah nuli ngulungake Prabu
Kusyan-Risyataim, ratu ing Aram mau ing
astane, temah Sang Prabu Kusyan-Risyataim
kawon. 11 Nagara kono tumuli tentrem, lawase
patang puluh taun. Wasana Sang Otniel
putrane Sang Kenas banjur seda.

Sang Ehud

3:12-30

12 Nanging wong Israel tumuli padha nglakoni
kang ala maneh ana ing paningale Sang
Yehuwah; tumuli Sang Prabu Eglon, ratu
ing Moab diparingi pangwasa dening Sang
Yehuwah ngereh wong Israel, amarga bangsa
iku padha nglakoni kang ala ana ing paningale
Sang Yehuwah. 13 Prabu Eglon mau asekuthon
karo bani Amon lan bani Amalek. Banjur
nglurug lan ngawonake wong Israel. Kutha Wit
Kurma dibroki. 14 Wong Israel dadine padha
ngawula marang Prabu Eglon, ratu ing Moab,
lawase wolulas taun. 15 Wong Israel tumuli

padha sesambat marang Sang Yehuwah; Sang
Yehuwah banjur maringi juru pangluwaran
yaiku Sang Ehud, bin Gera, wong Benyamin,
iku kedhe. Sang Ehud iku kang adate dadi
utusane Israel ngaturake bulubekti marang
Prabu Eglon, ratu ing Moab. 16 Sang Ehud
tumuli damel golok kang landhep kiwa-tengen,
dawane watara meh saasta, banjur disengkelit
ing sangisore pangagemane ing cethike
tengen. 17 Sawuse mangkono nuli nyaosake
bulubekti marang Prabu Eglon, ratu ing Moab.
Dene Sang Prabu Eglon mau lema banget
sarirane. 18 Bareng Sang Ehud wus rampung
anggone nyaosake bulubekti mau, para utusan
banjur padha dililani mundur, 19 nanging
Sang Ehud piyambak kendel ing panggonan
watu-watu kang tinatah, ing sacedhake Gilgal,
tumuli bali sowan sarta munjuk: "Dhuh Sang
Prabu, dalem mbekta aturpiweling ingkang
winados kagem panjenengan dalem." Sang
Prabu banjur dhawuh: "Menenga dhisik!" Kang
padha seba tumuli metu kabeh. 20 Sang Ehud
tumuli sowan mlebu; nalika iku Sang Prabu
pinuju piyambakan ana ing panggungan ing
dalem pangisisan kang kagem ing sarirane
piyambak. Sang Ehud tumuli munjuk:
"Kawula badhe nglantaraken dhawuhipun
Gusti Allah dhumateng panjenengan dalem."
Sang Prabu Eglon tumuli jumeneng saka ing
palenggahane. 21 Sang Ehud tumuli gumrageh,
astane kiwa mundhut goloke saka ing cethike
tengen, disudukake ing padharane Prabu
Eglon, 22 nganti wilah sagarane klebu. Gajihe

nutupi wilahe, amarga goloke ora didudut
saka ing padharane. Sang Ehud banjur medal
langkung ing kori pungkuran. [23] Kalawan
mangkono Sang Ehud tumuli rawuh ing
pandhapa; bareng wis medal lawanging
panggungan diinebake lan dikancing. [24] Lagi
bae Sang Ehud medal, abdine Sang Prabu nuli
padha teka arep ndeleng, nanging lawanging
panggungan tinemu kancingan, dadi padha
ngira: "Mesthine Gusti lagi turas ana ing dalem
pangisisan." [25] Banjur padha ngenteni, nganti
judheg pikire, nanging Sang Prabu ora mbikak
kori panggungan, mulane padha njupuk kunci,
lawange diwengakake, lah gustine tinemu wus
seda, gumuling ana ing jogan. [26] Sasuwene
wong mau padha ngenten-enteni mau, Sang
Ehud wus oncat, wus langkung ing panggonan
watu-watu kang tinatah mau lan banjur
nggeblas menyang ing Seira. [27] Bareng rawuh
ing kono, banjur ngungelake kalasangka ana
ing pagunungan Efraim, sarta wong Israel
padha ndherek nglurug, mudhun saka ing
pagunungan lan panjenengane piyambak
ana ing ngarep. [28] Pangandikane Sang Ehud
marang wong-wong mau: "Padha melua
aku, amarga Sang Yehuwah wus ngulungake
mungsuhmu, wong Moab iku marang ing
tanganmu." Wong-wong mau tumuli padha
ndherek nglurug sarta padha bisa ngrebut
pasabrangane bengawan Yarden, kang
menyang ing tanah Moab, tuwin banjur nyegat
aja ana wong kang nyabrang. [29] Ing nalika
samana wong Moab kang padha dipateni

watara wong sapuluh ewu, kabeh padha wong
gagah prakosa lan cukat, ora ana kang bisa
oncat siji-sijia. [30] Kaya mangkono bangsa
Moab ing dina iku anggone padha katelukake
dening Israel, temah tanahe banjur tentrem
lawase wolung puluh taun.

Sang Samgar

3:31

[31] Sawuse panjenengane, Sang Samgar bin
Anat kang jumeneng, kang banjur niwasake
wong Filisti kehe nem atus kalawan ngagem
angkusing sapi. Mangkono anggone Sang
Samgar uga ngluwari wong Israel.

Nabi Dhebora lan Sang Barak

4:1-24

4 [1] Sasedane Sang Ehud, wong Israel padha
nglakoni kang ala maneh ana ing paningale
Sang Yehuwah. [2] Tumuli padha dipasrahake
Sang Yehuwah marang ing astane Prabu Yabin,
ratu ing Kanaan, kang ngasta paprentahan
ing Hasor, Senapatine jejuluk Sang Sisera,
kang dedalem ana ing Haroset-Hagoyim.
[3] Wong Israel banjur padha sesambat marang
Sang Yehuwah, amarga panjenengane mau
kagungan kereta perang wesi nganti sangang
atus, sarta rong puluh taun lawase anggone
nindhes wong Israel klawan keras. [4] Ing
wektu semana kang ngakimi wong Israel Ibu
Dhebora, nabi wanita garwane Sang Lapidot.

5 Ibu Dhebora iku saben-saben lenggah ana
ing sangisore wit kurma Dhebora, ing antarane
Rama lan Betel, ing pagunungan Efraim, lan
wong Israel banjur padha sowan marang ing
ngarsane prelu nyuwun pangadilan. 6 Ibu
Dhebora utusan nimbali Sang Barak bin
Abinoam saka ing Kedesy ing wewengkon
Naftali, nuli dipangandikani: "Apa kowe ora
didhawuhi Sang Yehuwah Gusti Allahe Israel:
Sira lungaa nglurug menyang ing gunung
Tabor nggawa bala sepuluh ewu panunggalane
wong bani Naftali lan wong bani Zebulon.
7 Lan Ingsun bakal ngosikake atine Sisera,
senapatine Yabin, supaya methukna marang
sira karo keretane perang lan sabalane
kabeh ana ing lebake kali Kison, nuli bakal
Sunulungake ing tanganira." 8 Ature Barak
marang Ibu Dhebora: "Manawi panjenengan
nyarengi lampah kula, kula inggih badhe
lumampah, nanging manawi panjenengan
boten nyarengi, kula boten badhe lumampah."
9 Pangandikane Ibu Dhebora: "Iya becik, aku
bakal mbarengi lakumu, mung bae dudu
kowe kang bakal dadi kajen ana ing lakumu
saangkatan iki, amarga Sisera iku bakal
diulungake Sang Yehuwah marang tangane
wong wadon." Ibu Dhebora banjur bidhal
bebarengan karo Sang Barak menyang Kedesy.
10 Sang Barak tumuli nglempakake Zebulon
lan Naftali ana ing Kedesy, banjur nglurug
kadherekake bala wong sepuluh ewu, lan Ibu
Dhebora uga tindak nyarengi pangluruge.

11 Anadene Heber, wong Keni wus pisah karo
wong bani Kain, turune Hobab, ipene Nabi
Musa, lan wus nancebake tarube ngolah-ngalih
nganti tekan ing wit kayu elon ing Zaanaim,
sacedhake Kedesy.
12 Bareng Senapati Sisera kawartanan
yen Sang Barak bin Abinoam wus nglurug
menyang ing pagunungan Tabor, 13 tumuli
nglempakake sakehing karetane wesi sangang
atus lan sakehe bala kang padha ndherek,
kairid saka Haroset-Hagoyim menyang kali
Kison. 14 Ing kono dhawuhe Ibu Dhebora
marang Sang Barak: "Budhala, awit ing dina
iki Sang Yehuwah ngulungake Sisera ing
tanganmu. Pangeran Yehuwah piyambak
rak wis tindak ngrumiyini lakumu!" Sang
Barak banjur mandhap saka ing gunung
Tabor, kadherekake balane sepuluh ewu
mau. 15 Sang Yehuwah tumuli ngisruhake
Sisera lan sakehing karetane tuwin sabalane
kabeh ana ing ngarsane Sang Barak kalawan
landheping pedhang, temah Senapati Sisera
banjur mandhap saka ing karetane, keplajeng
kalawan dharat. 16 Karetane perang lan
balane banjur dioyak dening Sang Barak
nganti tutug ing Haroset-Hagoyim; balane
Sang Sisera kabeh padha nemu tiwas dening
landheping pedhang, ora ana kang oncat
siji-sijia. 17 Nanging Senapati Sisera anggone
keplajeng kalawan dharat mau menyang
ing kemahe Ibu Yael, garwane Sang Heber,
wong Keni, amarga Prabu Yabin, ratu ing
Hasor iku rukun karo kulawangsane Sang

Heber, wong Keni mau. [18] Ibu Yael banjur
metu mapagake Sang Sisera sarta matur:
“Bendara, panjenengan kula aturi mampir
lumebet, sampun kuwatos.” Senapati Sisera
tumuli mampir lumebet, banjur disingebi
kamli. [19] Panjenengane banjur ngandika:
“Bok kula panjenengan paringi ngombe toya
sakedhik, awit kula ngelak sanget.” Ibu Yael
banjur mbukak impes isi puwan, Sang Sisera
diaturi ngunjuk, banjur disingebi maneh.
[20] Senapati Sisera ngandika maneh marang
Ibu Yael: “Panjenengan kula aturi nengga
korining kemah lan manawi wonten tiyang
dhateng pitaken: Ing ngriki punapa wonten
tiyang, panjenengan wangsuli: Boten wonten.”
[21] Nanging Ibu Yael, garwane Sang Heber mau
mendhet pathoking kemah sarta nyepeng
palu, tumuli alon-alon nyelaki Senapati Sisera,
pathok mau dianjingake ing pilingane nganti
tembus tumanceb ing bumi, amarga Sang
Sisera lagi sare kepati, sarta sayah temah dadi
lan sedane. [22] Ing wektu semana Sang Barak
kang ngoyak-oyak Sang Sisera banjur rawuh.
Ibu Yael tumuli medal methukake Barak lan
diaturi: “Sumangga panjenengan kula tedahi
tiyang ingkang panjenengan oyak.” Sang
Barak banjur lumebet ing panggonane, lah
Sang Sisera gumuling wus seda, pathoke isih
tumanceb ing pilingane. [23] Kaya mangkono
anggone Gusti Allah ing dina iku nelukake
Sang Prabu Yabin, ratu ing Kanaan ana ing
sangarepe wong Israel. [24] Pameteking tangane
wong Israel marang Sang Prabu Yabin, ratu

ing Kanaan saya banget, nganti Sang Prabu Yabin, ratu ing Kanaan mau kasedanan.

Kidunge Ibu Dhebora

5:1-31

5 1 Ing dina iku Ibu Dhebora lan Sang Barak
bin Abinoam padha ngidung mangkene:
2 Amarga para prawira ing Israel padha
samekta ing perang,
lan marga bangsa iku padha nyadhangake
badane kalawan sukarila
Sang Yehuwah pinujia!
3 Dhuh para ratu, mugi sami miyarsakna!
Dhuh para pangageng, mugi sami nilingna!
Manawi kawula, kawula badhe ngidung
konjuk ing ngarsanipun Sang Yehuwah,
lan ngidungaken masmur kagem Sang
Yehuwah,
Gusti Allahipun Israel.
4 Dhuh Yehuwah, nalika Paduka tindak saking
kitha Seir,
lan Paduka tindak mangsah saking
tlatahipun bangsa Edom,
bumi lajeng gonjang-ganjing, langit inggih
nunten ngedalaken toya
mendhung ugi sami netesaken toyanipun.
5 Redi-redi -- inggih punika Sinai -- sami
horeg wonten ing ngarsanipun Sang
Yehuwah,
Gusti Allahipun Israel.
6 Kala jamanipun Samgar bin Anat,

lan jamanipun Ibu yael kafilah sampun boten wonten malih,
sarta tiyang ingkang sami andon lampah,
kepeksa medal margi ingkang menggak-menggok.
7 Para wong kang manggon ana ing padesan ing tanah Israel padha meneng bae, iya padha meneng,
nganti tumekane kowe madeg, Dhebora,
dadi ibu ana ing Israel.
8 Nalika wong padha milih allah anyar,
banjur tuwuh perang ing ngareping gapura,
lan tameng utawa tumbak
ora katon ana ing tengahe wong patang puluh ewu ing Israel.
9 Atiku kakenan marang para senapatine Israel
marang para kang padha cumadhang klawan sukarila ing antarane bangsa iki.
Sang Yehuwah pinujia!
10 Kowe, kang padha nunggang kuldi wadon putih,
kang padha lungguh ana ing babud,
kang padha lumaku ana ing dedalan, wartakna prakara iku!
11 Ing papan-papan pangangson, manut swaraning wong kang padha kekidungan,
ing kono wong ngidungake pakaryane Sang Yehuwah kang adil,
pakaryane kang adil tumrap wong padesan ing Israel.

Ing nalika iku umate Sang Yehuwah padha
mudhun menyang gapura.
12 Tangia, tangia, Dhebora!
Tangia, tangia ngrepekna kekidungan!
He Barak, ngadega lan para tawananmu
padha giringen!
He anake Abinoam!
13 Tumuli para wong luhur kang bisa oncat
padha mudhun,
umate Sang Yehuwah padha mudhun dadi
prawira kagem Panjenengane.
14 Saka taler Efraim wong-wong kang
manggon ing Amalek, padha mudhun
menyang ing lebak,
padha ngetutake kowe, heh, taler
Benyamin klawan wadya-balamu.
Saka suku Makhir kang tumurun para
tetindhihing perang,
lan saka taler Zebulon wong-wong kang
padha nggawa teken kang kagawe
nglumpukake wong.
15 Para pangareping taler Isakhar uga padha
mbarengi Ibu Dhebora,
lan kayadene Isakhar mangkono uga
Naftali iya mbarengi Barak.
Padha nututi dheweke lan nempuh lumebu
ing lebak.
Nanging wadya-balane taler Ruben akeh
kang padha gojag-gajeg.
16 Kena apa dene kowe kok padha
thenguk-thenguk ana ing tengahing
kandhang-kandhang.

kambi ngrungokake suling kang kanggo
ngundangi pepanthan?
Saka wadya-balane taler Ruben
akeh kang mbobot-timbang!
17 Wong Gilead padha ayem bae ana ing
sabrange bengawan Yarden,
dene taler Dhan, kena apa kok padha
nunggoni prau-prau?
Taler Asyer thenguk-thenguk ana ing
pinggiring sagara,
meneng bae ana ing teluk-teluke.
18 Nanging taler Zebulon iku bangsa kang
wani ngetohake nyawane,
mangkono uga taler Naftali, ing tetengger
ing ara-ara.
19 Para ratu padha nglurug lan nempuh
perang,
ing wektu iku para ratu ing Kanaan padha
perang,
ana ing sacedhake Taanakh ing sumbering
kali Megidho,
nanging padha ora oleh jarahan selaka.
20 Lintang-lintang ing langit padha nempuh
perang,
padha nglawan Sisera saka ing dalaning
kalangane.
21 Kali Kison ngentirake mungsuh,
Kison, kali kang kesuwur wiwit kuna-
makuna,
-- He nyawaku, mangsaha klawan
sarosamu! --
22 Ing wektu iku tracake jaran padha pating
kethoplak,

amarga playuning jaran-jarane
sesanderan.
23 “Kutha Meros kaipat-ipatana!”,
mangkono pangandikane Sang Malaekate
Yehuwah,
“para wong kang manggon ing kono kenaa
ing laknat saenteke,
amarga padha ora teka mbiyantu Pangeran
Yehuwah,
mbiyantu Pangeran Yehuwah pindha
prawira.”
24 Binerkahana Ibu Yael garwane Sang Heber
bangsa Keni iku, ngluwihi para wanita
liyane,
panjenengane binerkahana ngluwihi para
pawestri ing jero kemah.
25 Kang dipundhut priyagung iku banyu,
nanging puwan kang dicaosake,
kang kasegahake kanil puwan ana ing
mangkok kang adi.
26 Astane mulung mendhet pathok,
astane tengen mendhet paluning tukang.
Sang Sisera dipalu, mustakane karemuk,
pilingane karemuk dipantek nganti
tembus.
27 Wong agung iku ambruk ing sandhing
sampeyane, seda ngglethak,
ambruk seda ing sandhing sampeyane,
ing panggonane ambruk iya ana kono iku
anggone tiwas, disirnakake.
28 Ibune Sisera ngungak-ungak saka ing
cendhela,

lan nguwuh-uwuh saka ing saburining
pancak suji:
“Yagene karetane perang ora teka-teka,
yagene; swaraning karetane durung
keprungu?”
29 Abdi estri kang pinter dhewe ing antarane
para abdi, mangsuli
sarta panjenengane iya mangsuli piyambak
mangkene:
30 “Rak lagi padha oleh jarahan lan
didum-dumake,
prawan siji utawa loro kanggo saben wong,
jarahan sandhangan manca-warna salembar
rong lembar kanggo Sisera,
jarahan sandhangan songketan manca-
warna salembar rong lembar kanggo
guluku?”
31 Kados makaten anggenipun sakathahing
mengsah Paduka, badhe sirna, dhuh
Yehuwah!
Nanging wong kang nresnani
Panjenengane iku pindha surya
kang mlethek kalawan kamulyane.

Nagara kono tumuli tentrem patang puluh taun lawase.

Sang Gidheon dijunjung dadi hakim

6:1-40

6 1 Nanging wong Israel padha nglakoni
kang ala maneh mungguh ing paningale
Sang Yehuwah, mulane diulungake dening
Sang Yehuwah marang ing tangane wong

Midian lawase pitung taun. 2 Lan salawase
iku wong Midian ngereh wong Israel. Awit
saka wedine marang wong Midian, wong
Israel padha gawe papan-papan pandhelikan
ana ing pagunungan, yaiku guwa-guwa lan
beteng-beteng. 3 Saben wong Israel rampung
anggone nyebar, wong Midian, wong Amalek
sarta wong ing tanah wetan padha teka
nglurugi. 4 Padha ngedegake kemah ana ing
tanah kono lan padha ngrusak pametuning
bumine, nganti tutug ing sacedhake Gaza,
lan padha ora ngarekake pangan ana ing
Israel, wedhus gembel, sapi lan kuldi iya ora.
5 Ujer pangluruge iku klawan padha nggawa
pepanthane kewane lan kemahe, tekane kaya
walang kekrompolan kehe, wong-wonge dalah
untane nganti padha ora kena winilang. Tekane
ing tanah kono pancen sumedya arep ngrusak,
6 temahan Israel banget nandhang kemlaratan,
marga saka panggawene wong Midian mau.
Wong Israel tumuli padha sesambat marang
Pangeran Yehuwah.
7 Bareng wong Israel padha sesambat
marang Sang Yehuwah, marga saka wong
Midian mau, 8 Sang Yehuwah tumuli ngutus
sawijining nabi nemoni wong Israel, sarta
iku padha didhawuhi: "Pangandikane Sang
Yehuwah Gusti Allahe Israel mangkene:
Ingsun wus ngentasake sira saka ing tanah
Mesir, padha Sunirid metu saka ing tanah
pangawulan, 9 Sunluwari saka tangane wong
Mesir lan saka ing tangane sakehing wong
kang padha nindhes sira, wong-wong iku

wus padha Suntundhungi saka ing ngarepira
sarta nagarane Sunparingake marang sira.
10 Apadene sira padha Sundhawuhi mangkene:
Ingsun iki Yehuwah Gusti Allahira, sira aja
ngabekti marang para allahe wong Amori, kang
sira enggoni nagarane iki. Nanging sira padha
ora ngestokake marang dhawuhingSun."
11 Sang Malaekate Pangeran Yehuwah tumuli
rawuh lenggah ana ing sangisore wit elon
ing Ofra, duweke Yoas bin Abiezer, dene
anake lanang kang jeneng Gidheon lagi
nutu gandum ana ing pamipitan anggur,
murih aja konangan wong Midian. 12 Banjur
diketingali dening Sang Malaekate Pangeran
Yehuwah mau sarta didhawuhi: "He prawira
gagah prakosa, Sang Yehuwah nunggil karo
sira." 13 Atur wangsulane Gidheon: "Adhuh
Gusti, manawi saestu Pangeran Yehuwah
nunggil kaliyan kawula sadaya, punapaa
dene kawula ngantos sami nandhang ingkang
kados makaten punika sadaya? Pundi ta
sakathahipun kaelokan ingkang dipun
cariyosaken para leluhur kawula dhumateng
kawula sadaya, kala cariyos: Apa dudu sang
Yehuwah kang wus ngentasake kita saka ing
tanah Mesir? Nanging sapunika Pangeran
Yehuwah sampun negakaken dhateng kawula,
sami kaulungaken dhateng ing tanganipun
tiyang Midian." 14 Sang Yehuwah tumuli
mengo mirsani marang Gidheon lan ngandika:
"Sira mangkata kanthi karosanira iki sarta
ngluwarana wong Israel saka ing pamisesane
wong Midian. Rak Ingsun kang ngutus sira?"

15 Nanging atur wangsulane Gidheon marang
Sang Yehuwah: “Adhuh Gusti, srana punapa
anggen kawula badhe ngluwari tiyang Israel?
Lah ta gotrah kawula punika kalebet ingkang
alit piyambak saking panunggilanipun taler
Manasye, sarta kawula punika sasedherek
ingkang anem piyambak.” 16 Dhawuhe Sang
Yehuwah marang Gidheon: “Nanging Ingsun
iki bakal nunggil karo sira, mulane sira bakal
nggepuk ngesorake wong Midian, nganti tapis.”
17 Atur wangsulane Gidheon marang Sang
Yehuwah: “Manawi kawula sampun manggih
sih kamirahan wonten ing ngarsa Paduka,
Paduka mugi karsaa paring pratandha, bilih
Paduka piyambak ingkang ndhawuhi kawula.
18 Paduka mugi sampun ngantos tindak saking
ngriki saderengipun kawula wangsul sowan
mbekta pisungsung kawula saking griya
sarta kawula ladosaken wonten ing ngarsa
Paduka.” Pangandikane Sang Yehuwah: “Iya,
Ingsun bakal ngentosi nganti ing sabalinira.”
19 Gidheon banjur lumebu ing omahe sarta
ngolah cempe siji, lan njupuk glepung sa-efa
kanggo gawe roti tanpa ragi; iwake diwadhahi
ing tenong lan duduhe diwadhahi ing pinggan
digawa metu konjuk marang Panjenengane
ana ing sangisore wit elon mau, diladosake
ana ing ngarsane. 20 Sang Malaekating Allah
banjur ngandika marang Gidheon: “Iwake lan
rotine kang tanpa ragi iku selehna ana ing
watu kene, lan duduhe esokna!” Iku iya tumuli
katindakake. 21 Sang Malaekate Pangeran
Yehuwah banjur ngayatake lantaran kang

ana ing astane, pucuke didemokake ing iwak
lan roti mau, tumuli ana geni mubal saka
ing watu iku kang banjur mangsa daging lan
roti mau nganti entek. Sawuse mangkono
Sang Malaekate Pangeran Yehuwah musna
saka ing pandelenge. 22 Ing kono Gidheon
mangreti, yen iku mau Sang Malaekate
Pangeran Yehuwah, sarta banjur munjuk:
"Adhuh, cilaka kawula, dhuh Pangeran
Yehuwah, amargi kawula kok ngantos ningali
aben-ajeng kaliyan Sang Malaekatipun
Pangeran Yehuwah." 23 Nanging pangandikane
Sang Yehuwah marang Gidheon: "Tentrem
rahayu anaa ing sira. Aja kuwatir, sira ora
bakal mati." 24 Gidheon tumuli gawe misbyah
ana ing kono sumaos marang Sang Yehuwah
lan iku diwenehi jeneng: Sang Yehuwah
iku karahayon. Misbyah iku isih ana nganti
saprene ana ing Ofra, kuthane wong Abiezer.
25 Ing bengi iku uga Sang Yehuwah dhawuh
marang Gidheon: "Sira njupuka sapi lanang
enom siji duweke bapakira, yaiku sapine
lanang kang angka loro kang umur pitung
taun, nuli misbyahe bapakira kang kanggo
Baal iku bubrahen, lan saka brahala kang
ana ing sandhinge iku rubuhna! 26 Sawise
mangkono sira banjur ngedegna misbyah
kagem Sang Yehuwah Gusti Allahira, ana ing
dhuwur beteng iki, tinataa kang prayoga,
nuli sapi lanang kang angka loro iku mau
gawanen sarta aturna minangka kurban
obaran nganggo kayu sakaning brahala kang
bakal sira rubuhake iku." 27 Gidheon tumuli

nggawa bature sapuluh lan nindakake apa
kang wus kadhawuhake Sang Yehuwah mau.
Nanging sarehne ora wani nglakoni ing wayah
awan, awit wedi karo kulawangsane lan
wong-wong ing kutha kono, mulane anggone
nindakake ing wayah bengi. 28 Bareng wong
ing kutha kono esuk umun-umun padha tangi,
misbyahe Baal katon wus kabubrah apadene
sakaning brahala kang ana ing sandhinge
wus karubuhake, sarta sapine lanang kang
angka loro wus kakurbanake ana ing misbyah
kang mentas kaedegake. 29 Wong-wong mau
banjur padha sapocapan: "Sapa ta kang
tumindak mangkono iku?" Bareng dititipriksa
lan ditakok-takokake, nuli ana kang kandha:
"Gidheon bin Yoas, iku kang tumindak
mangkono!" 30 Wong ing kutha kono tumuli
padha kandha-kandha marang Yoas: "Anakmu
gawanen metu arep dakpateni, awit wus
mbubrah misbyahe Baal lan ngrubuhake saka
brahala kang ana ing sandhinge." 31 Nanging
Yoas mangsuli marang sakehe wong kang
padha ngrubung iku: "Apa kowe padha perang
mbelani Baal? Utawa apa kowe arep ngrewangi
dheweke? Sapa kang mbelani Baal iku bakal
dipateni sadurunge esuk. Manawa Baal iku
allah, kareban mbelani awake dhewe, amarga
misbyahe dirubuhake." 32 Mulane ing dina iku
Gidheon diparabi Yerubaal, amarga pangucape
wong: "Kareben Baal perang karo dheweke,
amarga misbyahe dirubuhake."

33 Kacarita sakehe wong Midian lan wong
Amalek apadene wong ing sisih wetan wus

padha nglumpuk, kabeh wus padha nyabrang
lan ngedegake tarub ana ing lebak Yizreel.
34 Ing nalika samana Gidheon kalimputan
ing Rohe Sang Yehuwah; nuli Gidheon
ngunekake kalasangka, wong bani Abiezer
padha kaklumpukake padha dikon ngetut
buri lakune. 35 Apamaneh uga banjur nyebar
kongkonan menyang ing satlatahe suku
Manasye kabeh, wonge padha kaklumpukake
lan dikon ngetut buri. Apadene uga banjur
nyebar kongkonan menyang suku Asyer,
Zebulon tuwin Naftali, lan wong-wong iku iya
padha ngumpul manunggal karo wong-wong
mau.

36 Gidheon tumuli munjuk marang Gusti
Allah: "Manawi Paduka badhe ngluwari tiyang
Israel lumantar tangan kawula, kados ingkang
sampun Paduka pangandikakaken, 37 mugi
kawula keparenga nyelehaken guntingan wulu
menda wonten ing panuton; manawi namung
wulunipun kemawon ingkang kebunan, sarta
siti ngriku garing sadaya, ing ngriku kawula
mangretos, bilih Paduka karsa ngluwari tiyang
Israel lumantar tangan kawula kados ingkang
sampun Paduka pangandikakaken." 38 Lan
iku iya kelakon kaya mangkono, sabab ing
dina esuke bareng Gidheon tangi ing wayah
umun-umun sarta guntingan wulu mau diepuh,
anggone meres ebun ing guntingan mau,
oleh banyu samangkok kebak. 39 Gidheon
tumuli matur marang Gusti Allah: "Mugi
sampun ngantos mulad-mulad bebendu
Paduka dhateng kawula, manawi kawula

taksih munjuk sapisan malih, namung sapisan
punika kemawon: Kawula mugi kalilanana
ngawontenaken coben-coben srana guntingan
wulu punika, namung sapisan punika malih:
sapunika mugi namunga guntingan wulu
kemawon ingkang garing, dene ing siti sadaya
wontena ebunipun.” [40] Anadene Gusti Allah iya
nindakake kang kaya mangkono ing wayah
bengi iku, sabab mung guntingan wulu thok
kang garing, dene lemahe kabeh padha
kebunan.

Sang Gidheon nundhung mungsuh

7:1--8:3

7 [1] Bareng wayah esuk Sang Yerubaal --
yaiku Sang Gidheon -- sabalane kabeh
kang ndherekake banjur budhalan sarta
makuwon ana ing sacedhake sendhang Harod;
dene pakemahane wong Midian ana ing salore,
sandhing gunung More, ing lebak.
[2] Pangeran Yehuwah tumuli ngandika
marang Sang Gidheon: “Bala kang melu
sira iku kakehen tumrap ing karsaningSun
anggoningSun bakal masrahake wong Midian
marang ing tangane wong Israel, supaya ora
padha gumunggung ana ing ngarsaningSun
karo kandha: Tanganku dhewe kang mitulungi
aku. [3] Kang iku kowe ngundhangna marang
rakyat iku mangkene: Sapa kang jirih lan
wedi, iku mundura kareben mulih, sumingkira
saka ing pagunungan Gilead.” Banjur ana kang

padha mundur wong rolikur ewu, kang kari
mung sapuluh ewu.
4 Ewasamono Pangeran Yehuwah ngandika
marang Sang Gidheon: “Balane isih kakehen;
padha dhawuhana mudhun ngombe banyu;
ana ing kono bakal padha Sunsaring kanggo
sira. Sapa kang Sundhawuhake marang
sira: Iki kang bakal melu sira, yaiku kang
bakal melu sira lan endi kang Sundhawuhake
marang sira: Iki aja melu sira, iku iya aja
melu.” 5 Balane tumuli padha didhawuhi
menyang panggonan banyu, Sang Gidheon
banjur didhawuhi dening Pangeran Yehuwah:
“Sapa kang ngombe banyu klawan ndilat,
patrape kaya asu ndilat banyu, iku sira
dhewekna, mangkono uga sapa kang ngombe
klawan jengkeng.” 6 Cacahe wong kang padha
ngombe kanthi nyidhuk banjur kaparakake
marang ing cangkeme iku ana telung atus,
nanging liyane saka panunggalane para bala
iku anggone ngombe kabeh klawan jengkeng.
7 Sang Yehuwah banjur ngandika marang
Sang Gidheon: “Srana wong telung atus kang
padha ngombe mangkono iku anggoningSun
bakal ngluwari sira. Ingsun bakal ngulungake
wong Midian marang tanganira, nanging
wong liyane iku kabeh padha lilanana mulih
menyang ing panggonane dhewe-dhewe.”
8 Sangune wong akeh iku lan kalasangkane
padha ditinggal lan banjur padha dililani
mulih menyang ing tarube dhewe-dhewe,
nanging kang telung atus mau padha
diendheg. Anadene pakemahane wong

Midian iku ana ing sangisore, ana ing lebak.
9 Ing bengi iku Pangeran Yehuwah ngandika
marang Sang Gidheon: "Sira ngadega,
mundhuna lan tempuhen pakemahane, awit
wus Sunulungake ing tanganira. 10 Nanging
manawa sira isih wedi nempuh, sira mudhuna
kalawan baturira si Pura, lan banjur menyanga
ing pakemahane, 11 nuli sira bakal krungu
apa kang dadi rerasanane, temah sira bakal
wani mudhun nempuh pakemahane iku." Sang
Gidheon tumuli mandhap kanthi abdine si Pura
iku, nganti tekan ing pajaganing wadya-bala
kang ngarep dhewe ing pakemahan kono.
12 Wong Midian lan wong Amalek tuwin wong
sagolongane wong saka ing sisih wetan padha
pating glimpang ana ing lebak, kehe kaya
walang, lan untane tanpa wilangan kaya wedhi
ing pinggiring sagara. 13 Bareng Sang Gidheon
rawuh ing kono, pinuju ana wong nyritakake
impene marang kancane, pangucape: "Lah
aku mentas ngimpi, ana roti sair saglintir
kang katon gumlundhung nrajang marang ing
pakemahane wong Midian. Bareng tekan ing
pakemahan kene, tarub iki ditrajang nganti
rubuh bosah-basih, kaya mangkono dadine
tarub iki banjur rusak kabeh." 14 Kancane
mangsuli, tembunge: "Iku ora liya pedhange
Gidheon bin Yoas wong Israel; Gusti Allah wis
ngulungake wong Midian lan pakemahan iki
kabeh marang ing tangane."

15 Bareng Sang Gidheon midhanget critane
impen dalah katrangane iku mau, tumuli
enggal-enggal sujud. Sawuse mangkono

banjur wangsul menyang ing pakemahane
wong Israel sarta ngandika: "Padha ngadega,
awit Sang Yehuwah wus ngulungake
pakemahane wong Midian marang ing
tanganmu." 16 Wong telung atus mau tumuli
dipara dadi telung pantha, sarta sawiji-wijining
wong dicekeli kalasangka lan guci kothong
kang diiseni obor. 17 Wong-wong nuli padha
didhawuhi: "Padha ngawasna lan nirua aku:
lah samangsa aku wis tekan ing tapel-
watese pakemahan, nuli kowe padha nirua
sapratingkahku. 18 Samangsa aku lan wong
kabeh kang melu aku ngunekake kalasangka,
kowe iya banjur padha ngunekna kalasangka
uga ana ing sakubenge pakemahan iku kabeh
sarta padha nguwuh-uwuha: "Demi Pangeran
Yehuwah lan demi Sang Gidheon!"
19 Sang Gidheon karo wong satus kang
ndherek tumuli padha tekan ing tepis-wiringe
pakemahan nalika wiwitane giliraning jaga
ing tengah wengi, nalika para prajurit jaga
lagi bae padha kapapanake. Banjur padha
ngunekake kalasangkane sarta ngremuki guci
kang ana ing tangane. 20 Kaya mangkono
anggone wong telung pantha mau bebarengan
padha ngunekake kalasangkane lan ngremuki
gucine, obore dicekeli ing tangane kiwa
lan kalasangkane ing tangane tengen,
padha diunekake karo nguwuh-uwuh:
"Pedhange Pangeran Yehuwah lan Sang
Gidheon!" 21 Nalika iku wong-wong padha
mapan ana ing panggonane dhewe-dhewe
ana ing sakubenge pakemahan, nanging

wadya-balaning mungsuh banjur padha
pating bilulung sarta padha lumayu karo
jelih-jelih. 22 Nalika wong telung atus mau
padha ngunekake kalasangkane, Sang
Yehuwah tumuli ndadosake wong padha
pedhang-pinedhang ana ing pakemahane
sarta wadya-bala iku banjur padha lumayu
nganti tekan ing Bet-Sita, ngener ing Zerera
nganti tekan ing pinggire Abel-Mehola ing
sacedhake Tabat.
23 Ing kono wong Israel suku Naftali lan
Asyer tuwin Manasye kabeh nuli padha
kaklumpukake sarta banjur padha ngoyak
wong Midian. 24 Sang Gidheon iya utusan
menyang ing saindhenge pagunungan
Efraim kanthi dhawuh: "Padha mudhuna,
mapagna wong Midian, padha mepetana
sakehe pasabrangan, uga pasabrangane
bengawan Yarden nganti tutug ing Bet-Bara."
Sakehing wong ing Efraim tumuli padha
diklumpukake lan mepeti sakehe pasabrangan,
uga pasabrangane bengawan Yarden nganti
tutug ing Bet-Bara. 25 Wong-wong mau padha
bisa nawan ratune wong Midian loro; yaiku:
Prabu Oreb lan Zeeb. Prabu Oreb iku disedani
ana ing gunung parang Oreb lan Prabu Zeeb
ana ing pamipitan Zeeb. Wong-wong ngoyak
wong Midian. Mustakane Prabu Oreb lan Prabu
Zeeb mau banjur padha digawa menyang ing
ngarsane Sang Gidheon ana ing sabrangane
bengawan Yarden.

8 1 Wong Efraim nuli padha matur marang
Sang Gidheon: "Pandamel panjenengan

dhumateng kula punika kados pundi? Dene
nalika panjenengan tindak badhe mangsah
perang nglawan tiyang Midian, kula kok boten
sami panjenengan timbali?” Banget-banget
anggone padha melehake. 2 Paring wangsulane
Sang Gidheon marang wong mau: “Kang
daktindakake iki apa ta manawa katandhing
karo panggawemu iku? Pangasage Efraim iku
rak ngungkuli panene anggur trah Abiezer?
3 Dene Gusti Allah wus ngulungake ratune
wong Midian, yaiku Oreb lan Zeeb marang ing
tanganmu; apa kang wus daktindakake iku apa
ta, yen katandhing karo panggawemu iku?”
Bareng Sang Gidheon ngandika mangkono,
tumuli lilih nepsune wong mau marang
panjenengane.

Wong Midian disorake, para ratune padha disedani

8:4-21

4 Sarawuhe Sang Gidheon ing bengawan
Yarden, banjur nyabrang kadherekake bala
telung atus mau, sanadyan isih padha sayah,
ewadene iya isih padha ngoyak. 5 Wong ing
Sukot tumuli padha dipangandikani: “Wong
kang padha melu aku iku mbok padha
kokwenehi roti sawatara, awit wis padha
sayah, aku lagi padha ngoyak-oyak Zebah lan
Salmuna, ratune wong Midian.” 6 Nanging para
panggedhe ing Sukot padha matur: “Zebah lan
Salmuna punapa sampun karegem ing asta
panjenengan, dene kula kok sami kadhawuhan

nyukani roti dhateng wadya-bala panjenengan
punika? 7 Pangandikane Sang Gidheon: “Yen
mangkono manawa Sang Yehuwah ngulungake
Zebah lan Salmuna marang ing tanganku,
awakmu bakal daksapu klawan eri pasamunan
lan rerungkudan.” 8 Tumuli nglajengake
tindake tutug ing Pnuel, lan wong ing kono
uga didhawuhi kaya mangkono, nanging wong
ing Pnuel iku iya mangsuli kaya kang dadi
wangsulane wong ing Sukot mau. 9 Wong Pnuel
banjur dipangandikani uga: “Manawa aku bali
slamet, menara iki bakal dakrubuhake.”
10 Nalika samana Prabu Zebah lan Prabu
Salmuna iku padha ana ing Karkor kanthi
balane watara limalas ewu, yaiku kekarening
balane wong ing tanah wetan kabeh, dene
kang wus padha tiwas satus rong puluh ewu
kang padha asikep gegaman pedhang. 11 Sang
Gidheon tumuli nglurug ngliwati jajahane
wong kang padha manggon ana ing kemah,
ing sawetane Nobah lan Yogbeha, banjur
nggepuk wadya-bala iki, nalika wong-wong
iku ngira wus padha slamet. 12 Prabu Zebah
lan Prabu Salmuna padha keplajeng, nanging
banjur dioyak, wekasan ratune wong Midian
sakarone: Prabu Zebah lan Prabu Salmuna
padha kapikut sarta balane dibuyarake.
13 Sawuse mangkono Sang Gidheon bin
Yoas wangsul saka ing peperangan, tindake
nglangkungi unggah-unggahan Heres; 14 ana
bocah lanang pendhudhuking Sukot kang
dicekel. Sawise didangu, nuli kadhawuhan
nyatheti asmane para panggedhe ing Sukot

lan para tuwa-tuwane kagem Sang Gidheon,
kehe wong pitung puluh pitu. 15 Sang
Gidheon banjur murugi wong ing Sukot, sarta
ngandika: "Iki lho Zebah lan Salmuna, kang
padha kokkandhakake kanthi pemada marang
aku: Zebah lan Salmuna punapa sampun
karegem ing asta panjenengan, dene kula
kok sami kapurih nyukani roti dhateng para
tiyang panjenengan ingkang sayah punika?"
16 Para tuwa-tuwane kutha tumuli padha
diklumpukake banjur mundhut eri ara-ara
samun lan rerungkudan, kagawe ngapokake
wong ing Sukot. 17 Karomaneh menara ing
Pnuel dirubuhake lan wong ing kutha kono
padha dipateni.

18 Sawuse iku Sang Gidheon tumuli ngandika
marang Prabu Zebah lan Prabu Salmuna:
"Wonten ing pundi tiyang-tiyang ingkang sami
panjenengan pejahi wonten ing redi Tabor?"
Wangsulane: "Warninipun kados panjenengan,
tindak-tandukipun kados putraning ratu."
19 Pangandikane sang Gidheon: "Punika
sami sadherek kula, anakipun biyung kula;
demi Sang Yehuwah ingkang gesang,
saupami punika sami panjenengan gesangi,
panjenengan mesthi boten kula pejahi."
20 Tumuli dhawuh marang Sang Yeter, putra
pambajeng: "Ngadega, patenana?" Nanging
wong anom iku ora ngunus pedhange,
amarga wedi, amarga isih enom. 21 Prabu
Zebah lan Prabu Salmuna tumuli padha
ngandika: "Sumangga panjenengan piyambak
jumenenga nempuh dhumateng kawula,

amargi kadosdene tiyangipun, makaten ugi karosanipun.” Sang Gidheon banjur jumeneng lan nyedani Prabu Zebah lan Prabu Salmuna, tumuli mundhuti kalung-kalung rembulanan kang ana ing guluning unta-untane.

Pandamele Sang Gidheon sabanjure lan wekasaning sugenge

8:22-35

22 Sawuse mangkono wong Israel banjur padha matur marang Sang gidheon: “Panjenengan mugi karsaa ngasta paprentahan mangagengi kula, inggih panjenegan, inggih putra-wayah panjenengan, amargi panjenengan ingkang ngluwari kula saking tanganipun tiyang Midian.”
23 Paring wangsulane Sang Gidheon marang wong-wong mau: ‘,Aku ora bakal ngereh kowe, lan anakku uga ora, nanging Pangeran yehuwah kang ngereh kowe kabeh.”
24 Sarta maneh pangandikane Sang Gidheon: “Mung saprakara kang dadi panjalukku marang kowe kabeh: sawiji-wijining panunggalanmu ngwenehana aku anting-anting, saka ing jarahane.” -- Amarga mungsuhe mau padha nganggo anting-anting, jer iku padha wong Ismael --
25 Atur wangsulane wong-wong mau: “Sumangga kula aturaken kanthi legawaning manah.” Banjur padha njereng jarit sarta siji-sijinel padha nguncalake anting-anting saka ing jarahane marang ing jarit iku.
26 Dene bobote anting-anting mas kang dipundhut

Sang Gidheon iku sewu pitung atus sekel, durung kapetung kang arupa rembulanan, rerenggan kuping tuwin jarit wungu nom tilas pangagemane para ratune wong Midian, apadene kalung-kalung kang ana ing guluning
unta-untane. 27 Mas mau tumuli ditanjakake
Gidheon kanggo gawe efod, kang banjur diprenahake ana ing kuthane, ing Ofra. Wong Israel kabeh banjur padha tumindak sedheng klawan nyembah efod mau ana ing kono, sarta iku dadi kalajiret tumrap Sang Gidheon dalah saisining daleme.

28 Kaya mangkono mau wong Midian anggone padha teluk marang wong israel sarta padha ora bisa ndengengek maneh; nagarane tumuli tentrem ing jamane Sang Gidheon, lawase patang puluh taun.

29 Sang Yerubaal bin Yoas tumuli tindak sarta
manggen ana ing daleme piyambak. 30 sang
Gidheon iku kagungan putra kakung pitung puluh, iku putrane piyambak kabeh, amarga
garwane akeh. 31 Garwane ampil kang ana ing
Sikhem iya mbabar putra kakung patutan karo panjenengane, iku diparingi asma Abimelekh.

32 Sang Gidheon banjur seda, nalika remane wus uwanen, sarta disarekake ana ing pasareane kang rama: Yoas, ing Ofra, kuthane wong Abiezer.

33 Sasedane Sang Gidheon wong Israel padha laku sedheng maneh nyembah para
Baal lang nganggep Baal-Berit dadi allahe.
34 Wong Israel padhal ora eling marang Sang Yehuwah, gusti Allahe, kang wus ngluwari

saka ing pamengkune sakehing mungsuhe ing
sakubenge. 35 Karodene iya padha ora males
becik marang tedhake Sang Yerubaal-Gidheon
kang timbang karo sakehing kabecikane kang
wus katandukakake marang wong Israel.

Sang Abimelekh dadi raja ana ing Sikhem

9:1-49

9 1 Anadene Sang Abimelekh bin Yerubaal,
tindak menyang ing Sikhem manggihi para
sadhereke ibune lan reraosan karo iku tuwin
karo kulawangsane ibune kabeh mangkene:
2 "Kula nyuwun tulung, panjenengan kula
aturi ngandika dhateng sakathahipun tiyang
ing Sikhem, makaten: Pundi ingkang prayogi
tumrap panjenengan sadaya, kaereh ing tiyang
pitung dasa, inggih punika para putranipun
Rama Yerubaal sadaya, punapa dening tiyang
satunggal? Saha mugi karsaa ngengeti, bilih
kula punika kulit-daging panjenengan." 3 Para
sadhereke ibune tumuli padha nyaritakake
marang sakehing wong ing kutha Sikhem bab
Sang Abimelekh, temah atine wong ing kono
padha kagendheng marang sang Abimelekh,
awit celathune: "Dheweke iku rak sadulur
kita?" 4 Sang Abimelekh tumuli dicaosi dhuwit
pitung puluh sekel selaka kajupuk saka ing
kabuyutane Baal-Berit; iku banjur diagem
ngopahi wong glandhangan lan wong mblasar
supaya ngetutburi panjenengane. 5 Tumuli
tindak menyang ing daleme ramane ing Ofra,
sarta nyirnakake para sadhereke, putrane

Sang Yerubaal wong pitung puluh, landhesan
watu siji. Nanging Sang Yotam, putrane Sang
Yerubaal, kang wuragil bisa oncat marga
ndhelik.
6 Sakehing wong ing kutha Sikhem lan
ing Bet-Milo banjur padha nglumpuk ana
ing sacedhake wit elon ing panggonan tugu
pangeling-eling kang ana ing kutha Sikhem,
njumenengake Sang Abimelekh dadi ratu.
7 Bareng Sang Yotam kawartanan bab lelakon
iku mau, tumuli tindak sarta mapan ing
pucaking gunung Gerizim, banjur nguwuh-
uwuh kalawan swara seru marang wong-wong
mau, mangkene: “Lha mugi sami midhangetna
atur kula, dhuh para ingkang sami manggen
ing kitha Sikhem, supados Gusti Allah inggih
miyarsakna atur panjenengan ugi. 8 Ing
satunggaling dinten wit-witan sami nglempak
badhe milih ingkang badhe dipun jebadi dados
ratunipun. Tembungipun dhateng wit jaitun:
Sumangga panjenengan kula aturi dados ratu
kula! 9 Nanging sami dipun wngsuli dening wit
jaitun wau: Apa kiramu aku gelem ninggal
lengaku, kang kanggo ngluhurake gusti Allah
lan manungsa, banjur lunga nglayang ana
ing dhuwur wit-witan? 10 Wit-witan tumuli
sami nembung dhateng wit ara: Sumangga
ta, panjenengan kula aturi dados ratu kula!
11 Nanging wit ara mangsuli: Apa kiramu
aku gelem ninggal lelegiku lan wohku kang
becik-becik, banjur lunga nglayang ana ing
dhuwur wit-witan? 12 Wit-witan lajeng sami
nembung dhateng wit anggur: Sumangga

ta panjenengan kula aturi dados ratu kula!
13 Nanging wit anggur mangsuli: Apa kiramu
aku gelem ninggal duduhe wohku anggur,
kang ndadekake renaning panggalihe Gusti
Allah lan gawe senenging manungsa, banjur
lunga nglayang ana ing dhuwur wit-witan?
14 Wit-witan lajeng sami nembung dhateng
eri bebondhotan: Sumangga ta panjenengan
kula aturi dados ratu kula. 15 Eri bebondhotan
lajeng mangsuli dhateng wit-witan mau:
Manawa dhasar temen-temen anggonmu
padha arep njebadi aku dadi ratumu, mara
padha ngauba ana ing ayomku; nanging
manawa ora, kareben ana geni kang metu
saka ing bebondhotan lan mangsa wit-wit
kang ana ing pagunungan Libanon.
16 Ingkang punika manawi dhasar tumindak
panjenengan punika klayan temen-
temen, saha jujur, inggih punika anggen
panjenengan ndadosaken ratu Abimelekh,
saha manawi panjenengan nandukaken
pandamel sae dhateng Rama yerubaal saha
turunipun, manawi panjenengan malesaken
panjenenganipun ingkang satimbang kaliyan
lelabetanipun, 17 -- rama kula rak sampun
andon perang mbelani panjenengan sadaya
saha ngetohaken nyawanipun sarta sampun
ngluwari panjenengan saking pamengkunipun
tiyang Midian, 18 mangka ing sapunika
panjenengan kok sami mbalela dhateng
turunipun rama kula, sarta mejahi putranipun,
tiyang pitung dasa, landhesan sela satunggal,
saha Abimelekh anaking abdinipun estri

panjenengan dadosaken ratunipun para tiyang
ing kitha Sikhem, dupeh punika sadherek
panjenengan -- [19] dados manawi panjenengan
ing dinten punika tumindak setya saha tulus
eklas tumrap Rama Yerubaal saha turunipun,
sumangga panjenengan sami bingah-bingaha
ing ngatasipun Abimelekh, saha Abimelekh
kajengipun bingah-bingah ing ngatasipun
panjenengan. [20] Nanging bilih boten makaten,
mugi wontena latu ingkang medal saking
Abimelekh ingkang mangsa para tiyang ing
kitha Sikhem lan ing Bet-Milo ngantos telas
sarta wontena latu ingkang medal saking
para tiyang ing kitha Sikhem lan ing Bet-Milo
ingkang mangsa dhateng Abimelekh.” [21] Sang
Yotam tumuli lumajeng ngungsi menyang ing
Beer sarta manggen ana ing kono marga saka
ajrihe marang Sang Abimelekh sadhereke iku.
[22] Bareng Sang Abimelekh wus oleh telung
taun anggone ngratoni ing Israel, [23] Gusti
Allah banjur nuwuhake semangat ala ing
antarane Sang Abimelekh lan para wong ing
kutha Sikhem, satemah wong ing Sikhem iku
padha ora setya marang Sang Abimelekh,
[24] supaya panganiaya kang tumanduk marang
para putrane Sang Yerubaal pitung puluh iku
oleha piwales lan wutahing getihe katempuhna
marang Sang Abimelekh sadhereke, kang
wus nyedani para putra mau, sarta marang
wong ing kutha Sikhem, kang padha mbiyantu
nyedani para sadhereke iku. [25] Amarga wong
ing kutha Sikhem iku padha mapanake
wong kang ngadhang panjenengane ana ing

perenging gunung sarta padha mbegali sapa
kang liwat metu ing dalan kono. Prakara iku
kawartakake marang Sang Abimelekh.
26 Nalika samana Gaal bin Ebed dalah
para sadulure wus padha teka lan ngalih
menyang ing kutha Sikhem. Wong ing kutha
Sikhem padha kumandel marang dheweke.
27 Nuli padha metu menyang ing pategalan,
ngundhuhi lan mipit wohing pakebonane
anggur, banjur padha nganakake pahargyan
lumebu ing kabuyutane allahe, padha
mangan lan ngombe sarta ngipat-ipati Sang
Abimelekh. 28 Gaal bin Ebed mau banjur
kandha: "Abimelekh iku sapa, lan sapa kita,
wong Sikhem iki, dene kita kok dadi abdine?
Anake Yerubaal lan Zebul wakile, iku rak padha
dadi abdine wong-wonge Hamor, bapakne
Sikhem, mulane apa sababe, dene aku padha
dadi abdine? 29 Saupama aku ngwasani
wong-wong ing kutha kene, Abimelekh mesthi
daktundhung." Dheweke banjur celathu
marang Abimelekh: "Payo santosakna balamu,
enggal ngluruga!" 30 Bareng Sang Zebul,
panggedhene kutha kono, mireng tembunge
Gaal bin Ebed mau, banjur muntab dukane.
31 Sang Zebul banjur nglampahake utusan
menyang ing ngarsane Sang Abimelekh ing
Aruma, kadhawuhan matur: "Lah Gaal bin
Ebed kaliyan para sadherekipun sami dhateng
ing Sikhem, tuwin kauningana, punika sami
ngojok-ojoki tiyang Sikhem supados nglawan
dhumateng panjenengan dalem. 32 Ingkang
punika sumangga panjenengan dalem

kawula aturi jengkar ing wanci dalu, inggih
panjenengan dalem dalah rakyat ingkang
ndherekaken panjenengan dalem, saha
kawula aturi nyegat wonten ing pategilan.
33 Benjing-enjing, ing wanci pletheking surya
panjenengan dalem kawula aturi nempuh kitha
punika. lah manawi pun Gaal sabalanipun
sami medali nglawan panjenengan dalem,
panjenengan dalem lajeng karsaa nandukaken
punapa ingkang laras kaliyan kawontenan,
ingkang panjenengan dalem uningani."
34 Mulane Sang Abimelekh ing wayah bengi
banjur bidhal dalah rakyat kang ndherekake
kabeh, sarta ana ing Sikhem tumuli nganakake
panyegatan patang pantha kanggo nglawan
Sikhem. 35 Bareng Gaal bin Ebed metu lan
ngadeg ana ing ngarepe gapuraning kutha
iku, Sang Abimelekh pinuju budhal saka ing
panyegatan karo rakyat kang ndherekake.
36 Bareng Gaal weruh bala mau banjur matur
marang Sang Zebul: "Lah kok wonten tiyang
kathah ingkang mandhap saking pucaking
redi." Sang Zebul mangsuli: "Iku wayanganing
gunung, kang koksengguh wong." 37 Nanging
Gaal matur maneh: "Lah wonten tiyang kathah
ingkang mandhap saking redi Pusering Siti lan
wonten sapantha malih dhateng saking margi
wit elon Pameca." 38 Paring wangsulane Sang
Zebul marang Gaal: "Ana ing ngendi saiki
cangkemmu kang duwe pangucap: Abimelekh
iku sapa, dene aku kok padha ngawula
marang dheweke? Iki wong-wong kang padha
kokcampahi. Saiki majua tempuhen iku!"

39 Gaal banjur mangsah sinawang dening wong
ing kutha Sikhem nempuh perang nglawan
Sang Abimelekh. 40 Nanging tumuli dioyak
dening Sang Abimelekh lan lumayu saka ing
ngarsane, sarta akeh kang padha mati nganti
tekan ing sangarepe gapura. 41 Dene Sang
Abimelekh iku tetep ana ing Aruma, nanging
Sang Zebul nundhung Gaal karo para sadulure,
temah padha ora bisa tetep manggon ana ing
Sikhem. 42 Esuke wong ing kutha kono padha
metu menyang ing pategalan. Bareng prakara
iku diaturake maang Sang Abimelekh, 43 Sang
Abimelekh tumuli mbekta balane, diperang
dadi telung pantha sarta nata panyegatan
ana ing pategalan. Bareng katon wong-wong
padha metu saka ing kutha banjur ditempuh
lan dipateni. 44 Sang Abimelekh karo bala
sapantha kang ndherekake iku padha nempuh
lan banjur mapan ana ing gapuraning kutha,
dene kang rong pantha padha nempuh lan
mateni kabeh wong kang ana ing petegalan.
45 Sang Abimelekh panempuhe marang kutha
iku nganti sadina muput; kuthane direbut
lan wong-wong saisine dipateni, kuthane
digempur lan disawuri uyah.
46 Bareng wong saisine kutha Menara-Sikhem
krungu kang mangkono iku, banjur padha
lumebu ing guwa sangisore kabuyutane
El-Berit. 47 Sang Abimelekh nuli dicaosi uninga,
yen sakehing wong ing kutha Menara-Sikhem
nglumpuk ana ing kono. 48 Sang Abimelekh
dalah sabalane kabeh tumuli munggah ing
gunung Zalmon. Sang Abimelekh banjur

mundhut wadung lan ngethoki pang-panging wit-witan, tumuli dipanggul sarta dhawuh marang wong kang padha ndherekake: “Enggal padha nindakna apa kang daklakoni, kang padha kok deleng iki!”
49 Balane banjur iya padha ngethoki pang dhewe-dhewe sarta ndherekake Sang Abimelekh; kayune tumuli ditumpangake ing guwa mau, sarta guwa iku diobong klawan geni ana ing sadhuwure sirahe wong-wong mau, temah wong-wong saisine kutha Menara-Sikhem iya padha mati, lanang lan wadon watara wong sewu.

Sang Abimelekh seda ditibani watu

9:50-57

50 Sawuse mangkono Sang Abimelekh banjur nglurugi kutha Tebes, nuli dikepung lan dibedhah.
51 Nanging ing satengahing kutha ana menara kang santosa, kang diungseni dening wong lanang lan wadon, kabeh saisine kutha iku; lawange banjur dikancing lan wonge padha munggah ing payone menara iku.
52 Sang Abimelekh uga wus rawuh ing menara kono, kang banjur ditempuh lan saged nrobos nganti tekan ing lawanging menara lan arep mbesmi iku.
53 Nanging nuli ana sawenehing wong wadon, kang nibakake watu panggilingan ngenani mustakane Sang Abimelekh, temah remuk.
54 Sang Abimelekh tumuli nimbali abdi kang ngampil gegamane, iku didhawuhi: “Pedhangmu unusen, aku patenana, supaya aku aja nganti dikandhak-kandhakake: Wong

wadon kang mateni.” Banjur disuduk dening
abdine dadi lan sedane. 55 Bareng wong Israel
padha weruh yen Sang Abimelekh wus seda,
tumuli padha mulih menyang panggonane
dhewe-dhewe. 56 Mangkono anggone Gusti
Allah malesake durakane Sang Abimelekh
kang ditandukakake marang ramane, yaiku
anggone nyedani sadhereke pitung puluh.
57 Mangkono uga sakehing durakane wong
ing Sikhem iya ditempuhake marang sirahe
dhewe dening Gusti Allah. Kaya mangkono
dadine ipat-ipate Sang Yotam bin Yerubaal
kang tumanduk marang wong-wong mau.

Sang Tola

10:1-2

10 1 Sapengkere Sang Abimelekh kang
jumeneng hakim ngluwari Israel iku
Sang Tola bin Pua bin Dhodho, wong saka taler
Isakhar, daleme ana ing Samir ing pagunungan
Efraim. 2 Lan anggone ngakimi Israel lawase
telulikur taun, banjur seda, kasarekake ana
ing Samir kono.

Sang Yair

10:3-5

3 Sapengkere Sang Tola kang jumeneng
hakim Sang Yair wong ing Gilead, anggone
ngakimi Israel lawase rolikur taun. 4 Putrane
kakung telung puluh, kang padha nunggang
kuldi lanang telung puluh, sarta padha

ndarbeni kutha telung puluh, kang katelah
saprene karan Hawot-Yair, prenahe ana ing
tanah Gilead. 5 Wasana Sang Yair seda, sarta
kasarekake ana ing Kamon.

Israel katindhes dening bani Amon

10:6-18

6 Wong Israel padha ndlarung nglakoni kang
ala ana ing paningale Sang Yehuwah; padha
ngabekti marang para Baal lan Asytoret,
marang para allahe wong Aram, para allahe
wong Sidon, para allahe wong Moab, para
allahe bani Amon lan para allahe wong Filisti,
padha nyingkur marang Pangeran Yehuwah
sarta ora ngabekti marang Panjenengane.
7 Bebendune Sang Yehuwah banjur mulad-
mulad marang wong Israel, temah iku padha
dipasrahake marang ing tangane wong Filisti
lan bani Amon. 8 Ing taun iku uga bangsa iku
nindhes lan nganiaya wong Israel; anggone
padha nindhes sakehing wong Israel kang
padha manggon ana ing sabrange bengawan
Yarden, ing tanah Amori kang kaprenah ana
ing tanah Gilead lawase nganti wolulas taun.
9 Lan wong bani Amon mau malah iya banjur
padha nyabrang ing bengawan Yarden, arep
nempuh perang nglawan suku Yehuda, suku
Benyamin tuwin turune Efraim, temah wong
Israel padha banget kapepete.

10 Wong Israel tumuli padha sesambat
marang Sang Yehuwah unjuke: "Kawula
sampun sami damel dosa dhumateng Paduka,

awit sami nyingkur Gusti Allah kawula sarta
ngabekti dhateng Baal.” 11 Nanging Sang
Yehuwah banjur ngandika marang wong
Israel: “Apa dudu Ingsun kang wus ngluwari
sira saka ing tangane wong Mesir, wong
Amori, bani Amon, wong Filisti, 12 wong Sidon,
suku Amalek lan suku Maon, kang nindhes
sira, nalika sira padha sesambat marang
Ingsun? 13 Nanging sira padha nyingkur
marang Ingsun sarta ngabekti marang allah
liyane, mulane Ingsun ora bakal ngluwari sira
maneh. 14 Padha lungaa sesambata marang
para allah kang padha sira pilih, iku kareben
padha ngluwari sira, samangsa sira padha
kapepet.” 15 Unjuke wong Israel marang Sang
Yehuwah: “Kawula sampun sami damel dosa,
sumangga sami Paduka punapakaken ing
sakarsa Paduka. Namung sapunika mugi
Paduka luwari.” 16 Banjur padha nyingkirake
allah-allah liyane saka ing tengahe sarta
padha ngabekti marang Sang Yehuwah. Sang
Yehuwah ora bisa menggak penggalihe mirsani
kasangsarane wong-wong mau.

17 Wasana wong bani Amon padha
kaklumpukake lan padha makuwon ana ing
Gilead, dene wong Israel padha nglumpuk
lan makuwon ana ing Mizpa. 18 Para
panggedhening bangsa ing Gilead padha
sapocapan: “Sapa ta kang wani miwiti perang
nglawan bani Amon iku? Iku kang pantes dadi
panggedhening sakehe wong Gilead.”

Sang Yefta lan Gilead

11:1-11

11 1 Anadene Sang Yefta, wong Gilead iku,
prawira lan gagah prakosa, nanging
turune wong tuna-susila; ramane sang Yefta
iya iku Sang Gilead. 2 Dene garwane Sang
Gilead mau iya peputra kakung. Bareng para
putrane garwane iku wus padha diwasa banjur
padha nundhung Sang Yefta, pangucape:
“Kowe ora nduweni pusaka warisan saka
kulawargaku, amarga kowe iku anake wong
wadon liya.” 3 Mulane Sang Yefta banjur
kesah saka ing antarane para sadhereke,
sarta manggen ana ing tanah Tob; ana ing
kana Sang Yefta kempal karo para wong
glandhangan kang padha ngrampog bareng
karo panjenengane.
4 Ora antara lawas wong bani Amon padha
nglurugi perang nglawan wong Israel. 5 Lan
nalika bani Amon nglurugi perang nglawan
wong Israel, para panggedhening wong
Gilead banjur padha methuk Sang Yefta
saka ing tanah Tob. 6 Ature marang Sang
Yefta: “Sumangga panjenengan kula aturi
dados tetindhih kula nglawan perangipun
tiyang bani Amon.” 7 Nanging Sang Yefta
mangsuli marang para tuwa-tuwane wong
ing Gilead: “Panjenengan rak sami sengit
dhateng kula, saha kula panjenengan
tundhung saking griyanipun kulawarga kula?
Punapaaa dene sareng sapunika nandhang

karibedan, panjenengan kok murugi kula?”
8 Para tuwa-tuwaning wong Gilead banjur
matur marang sang Yefta: “Pancen, dhateng
kula punika sami murugi panjenengan,
karsaa tumut kula sami mangsah perang
nglawan tiyang bani Amon, panjenengan
badhe kula dadosaken pangageng kula,
tiyang ing tanah Gilead sedaya.” 9 Wangsulane
Sang Yefta marang para tetuwane wong
Gilead: “Dados, manawi kula panjenengan
bekta wangsul kapurih nglawan perangipun
tiyang bani Amon, lan Pangeran Yehuwah
ngulungaken mengsah punika ing tangan kula,
kula ingkang badhe panjenengan dadosaken
pangageng panjenengan?” 10 Wangsulane
para tetuwaning wong Gilead marang Sang
Yefta: “Sang Yehuwah ingkang dados seksi
ingkang miyarsa ing antawisipun panjenengan
kaliyan kula. Kula badhe nglampahi kados
ing sapangandika panjenengan wau.” 11 Sang
Yefta dadine nyarengi lakune para tetuwane
wong ing Gilead, banjur dijumenengake dening
wong akeh dadi panggedhe lan tetindhihe.
Nanging Sang Yefta banjur ngaturake sakehing
prakarane ana ing ngarsane Sang Yehuwah,
ana ing Mizpa.

Sang Yefta lan bani Amon

11:12-28

12 Sang Yefta banjur nglampahake utusan
marang ratune bani Amon, kadhawuhan
matur: “Wonten prakawis punapa ing

antawisipun panjenengan dalem kaliyan
kawula, dene panjenengan dalem kok
ngrawuhi kawula merangi bangsa kawula?”
13 Ratune bani Amon tumuli ngandika
marang utusane Sang Yefta: “Nalika bangsa
Israel bidhal saking tanah Mesir, sampun
ngrayud tanah kula saking lepen Arnon,
ngantos dumugi ing lepen Yabok lan ngantos
dumugi benawi Yarden. Lah sadaya punika
panjenengan wangsulaken dhateng kula kanthi
patrap ingkang sae.” 14 Nanging Sang Yefta
banjur nglampahake utusan maneh marang
ratune bani Amon 15 kanthi piweling: “Aturipun
Yefta makaten: Tiyang Israel boten ngrayud
tanahipun tiyang Moab utawi bani Amon,
16 awit nalika bidhalipun saking tanah Mesir
tiyang Israel lajeng sami lumampah medal ing
ara-ara samun dumugi ing saganten Teberau
lajeng dumugi ing Kadesy. 17 kala samanten
tiyang Israel lajeng sami nglampahaken
utusan dhateng ratunipun nagari Edom
klayan panyuwunan mugi kelilana medal
tanah wewengkon dalem, nanging ratu ing
nagari Edom boten karsa mirengaken; ugi
nglampahaken utusan dhateng ratu ing
nagari Moab, dene ratu punika ugi boten
marengaken, temahan tiyang Israel lajeng
kendel wonten ing Kadesy. 18 Sasampunipun
tumunten lumampah wonten ing ara-ara
samun, ngubengi tanahipun tiyang Edom
kaliyan tiyang Moab wau, ngantos dumugi
ing sawetanipun tanah Moab, lajeng sami
makuwon wonten ing sabrangipun lepen

Arnon, boten ngantos sami ngancik ing
tlatah Moab, awit lepen Arnon punnika
ingkang dados tapel-watesipun tanah Moab.
19 Tiyang Israel tumunten nglampahaken
utusan dhateng Sang Prabu Sihon, ratunipun
tiyang Amori, ratu ing Hesybon. Aturipu
Israel dhateng panjenenganipun: “Kawula
mugi sami kalilana lumampah nglangkungi
nagari dalem punika ngantos dumugi ing
papan ingkang kawula sedya. 20 Nanging
Sang Prabu Sihon boten pitados dhateng
tiyang Israel ingkang badhe lumampah
nglangkungi tlatahipun punika malah lajeng
ngempalaken wadya-balanipun sadaya.
Panjenenganipun makuwon wonten ing Yahas,
lajeng nempuh perang nglawan tiyang Israel.
21 Nanging Sang Yehuwah, Gusti Allahipun
Israel ngulungaken Prabu Sihon dalah
sabalanipun sadaya dhateng ing tanganipun
tiyang Israel, saha sami dipun soraken
temah tiyang Israel ngebroki tanahipun
tiyang Amori ingkang manggen wonten ing
ngriku. 22 Kanthi makaten satlatahipun tiyang
Amori sadaya sami dipun darbeki dening
tiyang Israel wiwit ing lepen Arnon ngantos
dumugi ing lepen Yabok, saha wiwit ing
ara-ara samun ngantos dumugi ing benawi
Yarden. 23 Lah sapunika, Sang Yehuwah, Gusti
Allahipun Israel sampun ngrebat darbekipun
tiyang Amori wau kangge Israel, umatipun.
Punapa panjenengan dalem badhe ngrebat
nagarinipun punika? 24 Panjenengan dalem
punapa boten badhe ndarbeni ingkang

dados peparingipun Sang Kamos, allah
panjenengan dalem? Makaten ugi kawula,
inggih ngebeki sadaya ingkang sampun
karebat dening Pangeran Yehuwah, Gusti
Allah kawula kangge kawula sadaya. 25 Tuwin
malih panjenengan dalem punapa nglangkungi
saenipun Sang Prabu Balak, bin Zipor,
ratunipun bangsa Moab? Panjenenganipun
punapa nate mundhut wewenangipun bangsa
Israel? Punapa inggih nate nglawan perang?
26 Sampun antawis tigang atus taun tiyang
Israel anggenipun sami manggen wonten
ing Hesybon sawewengkonipun, kaliyan ing
Aroer sawewengkonipun, tuwin wonten ing
sakathahipun kitha ing sakiwa-tengenipun
lepen Arnon, punapaa dene kitha wau boten
panjenengan dalem rebat kala samanten?
27 Dados kawula boten gadhah kalepatan
dhumateng panjenengan dalem, nanging
panjenengan dalem ingkang damel piawon
dhumateng kawula, sarta nempuh perang
nglawan kawula. Sang Yehuwah ingkang
jumeneng Hakim punika, mugi ngadilana
ing antawisipun tiyang Israel kaliyan tiyang
bani Amon." 28 Nanging ratune bani Amon iku
ora karsa ndhahar ature Sang Yefta marang
panjenengane lumantar para utusan.

Nadare Yefta

11:29-40

29 Ing kono Sang Yefta banjur katedhakan ing
Rohe Pangeran Yehuwah, tumuli ngideri tanah

Gilead lan Manasye, banjur nglangkungi Mizpa
ing tanah Gilead lan saka ing Mizpa ing Gilead
mau nuli tindak menyang ing dhaerahe bani
Amon. 30 Sang Yefta tumuli nglairake nadar
marang Pangeran Yehuwah, unjuke: “Manawi
saestu Paduka ngulungaken tiyang bani
Amon dhateng ing tangan kawula, 31 punapa
kemawon ingkang medal rumiyin saking
korinipun griya kawula, methukaken kawula,
samangsa kawula mantuk klayan wilujeng
saking ngajengipun tiyang bani Amon, punika
badhe dados sesengkeranipun Sang Yehuwah,
badhe kawula saosaken dados kurban obaran.”
32 Sang Yefta tumuli nglajengake tindake
nglurug nglawan bani Amon, lan iku banjur
padha diulungake ing astane dening Sang
Yehuwah. 33 Mungsuhe padha kagecak kang
luwih banget wiwit ing Aroer nganti tutug ing
sacedhake Minit, -- kuthane kehe rong puluh
-- malah ngnati tutug ing Abel-Keramim. Kaya
mangkono bani Amon padha diesorake ana ing
ngarepane wong Israel.
34 Sarawuhe Sang Yefta ana ing Mizpa nyelaki
daleme, putrane putri medal methukake
klawan tetrebangan lan beksa. Dene putrane
iku ontang-anting; ora ana maneh putrane
kang liya kakung utawa putri. 35 Bareng mirsani
putrane mau, banjur nyuwek pangagemane
sarta ngandika: “Adhuh lae anakku, engger,
atiku remuk rempu marga saka kowe, dene
kok kowe iku kang nekakake bilai marang aku;
lah aku wus duwe ujar marang Sang Yehuwah
lan ora kena dakselaki.” 36 Ature kang putra

marang Sang Yefta: "Dhuh, rama, manawi
panjenengan sampun nglairaken nadar konjuk
dhumateng Sang Yehuwah, inggih sumangga
kula panjenengan punapakaken kemawon,
ingkang laras kaliyan nadar panjenengan
punika, amargi Sang Yehuwah sampun
malesaken panjenengan ing sakatogipun
dhateng mengsah panjenengan, bani Amon."
37 Sarta maneh ature marang kang rama:
"Kula mugi kelilana nglampahi saprakawis
punika: mugi panjenengan paringi inah kalih
wulan, supados kula sageda kesah dhateng
pareden kaliyan mitra-mitra kula estri prelu
badhe nangisi anggen kula dados prawan."
38 Wangsulane Sang Yefta: "Iya mangkata!"
Banjur diparingi inah rong sasi; kang putra
tumuli tindak karo mitra-mitrane wadon
menyang ing pagunungan muwuni anggone
dadi prawan. 39 Sawuse rong sasi banjur
kondur menyang ing daleme kang rama, dene
kang rama tumuli ngluwari nadare kang wus
dilairake tumrap kang putra mau; kang putra
mau dadine ora nglakoni krama. Lan iku dadi
adat ing Israel: 40 Para prawan ing Israel saben
taun padha lunga nangisi putrane Sang Yefta,
wong Gilead, lawase patang dina sajroning
sataun.

Sang Yefta lan Efraim

12:1-7

12 1 Wong ing Efraim padha diklumpukake,
banjur padha menyang ing Zafon, lan

padha matur marang Sang Yefta: “Anggen
panjenengan nglurugi perang nglawan bani
Amon punika punapaa dene kok boten kanthi
ngajak kula? Milanipun dalem panjenengan
badhe kula besmi dalah panjenengan
sadaya!” 2 Sang Yefta banjur mangsuli marang
wong-wong mau: “Aku lan bangsaku wus
padha ana ing sajroning paprangan rame
karo bani Amon; aku tumuli ngundang kowe,
nanging kowe padha ora teka ngluwari aku
saka ing tangane. 3 Bareng aku weruh, yen
ora ana kang teka tetulung, dadine aku
ngetohake nyawaku nglurugi wong bani Amon,
lan Sang Yehuwah ngulungake bani Amon
marang ing tanganku. Yagene kowe saiki kok
padha nglurugi aku ngajak perang?” 4 Sang
Yefta tumuli nglempakake sakehe wong ing
Gilead, lan banjur perang nglawan Efraim,
temah Efraim disorake dening wong Gilead.
Awit wonge iku padha muni: “Kowe iku wong
kang padha inggat-inggatan saka ing suku
Efraim!” -- panggonane wong Gilead iku
ana ing tengah-tengahe wong Efraim lan
Manasye -- 5 Wong Gilead iku padha ngejegi
pasabrangane bengawan Yarden, kanggo
nyegat wong Efraim. Manawa ana wong Efraim
kang keplayu, nuli nembung arep nyabrang,
wong Gilead tumuli padha nakoni: “Apa kowe
wong Efraim?” Dene manawa mangsuli:
“Dudu”, 6 banjur dikon muni: “Syibolet.”
Saupama anggone ngucapake: sibolet, dadi
ketara yen ora teteh pakecapane, banjur
dicekel lan dipateni ana ing pasabrangane

bengawan Yarden kono. Ing wektu samana
wong Efraim kang dipateni ana patang puluh
loro ewu. 7 Sang Yefta anggone jumeneng
hakim ing Israel lawase nem taun. Sang Yefta
wong Gilead banjur seda lan kasarekake ana
ing salah sawijining kutha ing tanah Gilead.

Sang Ebzan

12:8-10

8 Sapengkere Sang Yefta nuli kang jumeneng
hakim ing Israel iku Sang Ebzan, saka ing
Betlehem. 9 Putrane kakung telung puluh.
Putrane putri telung puluh dikramakake oleh
priya taler liya lan putrane kakung telung
puluh dikramakake oleh wanita saka taler
liya. Panjenengane ngereh wong Israel lawase
pitung taun. 10 Sang Ebzan banjur seda, lan
kasarekake ana ing Betlehem.

Sang Elon

12:11-12

11 Sapengkere Sang Ebzan kang jumeneng
hakim ing Israel iku Sang Elon, wong Zebulon.
Anggone ngereh wong Israel lawase sepuluh
taun. 12 Sang Elon wong Zebulon mau tumuli
seda lan kasarekake ana ing Ayalon, ing tanah
Zebulon.

Sang Abdon

12:13-15

13 Sapengkere Sang Elon kang jumeneng
hakim ing Israel iku Sang Abdon bin Hilel,
wong Piraton. 14 Panjenengane kagungan
putra kakung patang puluh lan wayahe kakung
telung puluh, kang padha nitih kuldi lanang.
Anggone ngereh bangsa Israel lawase wolung
taun. 15 Sang Abdon bin Hilel wong ing Piraton
mau banjur seda lan kasarekake ana ing
Piraton ing tanah Efraim, ing pagunungane
wong Amalek.

Miyose Sang Simson

13:1-25

13 1 Wong Israel padha ndlarung anggone
nglakoni kang ala ana ing paningale
Sang Yehuwah, mulane banjur diulungake
dening Sang Yehuwah marang ing tangane
wong Filisti lawase patang puluh taun. 2 Ing
nalika iku ana sawijining wong saka ing
Zora, panunggalane gotrahe bani Dhan,
jenenge Manoakh, somahe gabug, ora duwe
anak. 3 Lan Malaekate Sang Yehuwah nuli
ngetingali marang wong wadon mau sarta
iku dipangandikani mangkene: "Lah sira iku
pancen gabug, ora duwe anak, nanging sira
bakal ngandhut sarta duwe anak lanang.
4 Lah saiki, badanmu jaganen, aja ngombe
anggur utawa omben-omben kang mendemi

lan aja mangan apa-apa kang karam.
5 Amarga kowe bakal ngandhut lan duwe
anak lanang; iku sirahe ora kena kagepok
ing lading panyukuran, awit bocah iku wiwit
ana ing guwa-garbane ibune bakal dadi nazir
sengkerane Gusti Allah, sarta bakal miwiti
ngluwari Israel saka ing tangane wong Filisti.”
6 Wong wadon mau banjur lumebu sarta
kandha marang kang lanang tembunge: “Kala
wau wonten abdinipun Gusti Allah manggihi
kula, pasemonipun memper malaekatipun
Gusti Allah, ngajrih-ajrihi sanget. Kula boten
matur pitaken pinangkanipun, saha kula
boten dipun paringi sumerep asmanipun.
7 Nanging pangandikanipun dhateng kula:
Lah sira bakal ngandhut lan duwe anak
lanang; mulane sira aja ngombe anggur utawa
sadhengaha kang mendemi lan aja mangan
apa-apa kang karam, amarga bocah iku
bakal dadi nazir sengkeraning Allah wiwit ana
ing guwa-garbane ibune nganti tumeka ing
dinaning patine.”
8 Pak Manoakh tumuli nyenyuwun marang
Sang Yehuwah unjuke: “Dhuh Pangeran,
kawula nyuwun mugi abdinipun Gusti Allah
utusan Paduka punika wau manggihana
kawula kekalih sarta mulanga dhateng kawula
punapa ingkang perlu kawula lampahi tumrap
lare ingkang badhe lair punika.” 9 Gusti
Allah banjur nyembadani panyuwune Pak
Manoakh, dene Malaekate Sang Yehuwah
banjur manggihi wong wadon iku maneh,
nalika lagi lungguh ana ing pategalan, nanging

Pak Manoakh lakine pinuju ora ana ing kono.
10 Ing kono wong wadon iku enggal-enggal
lumayu wewarta marang kang lanang
mangkene: “Lah priya ingkang manggihi kula
kapengker punika ngetingali kula malih.’.
11 pak Manoakh tumuli ngadeg, ngetutake
somahe. Bareng wus ketemu karo priya
mau, banjur matur: “Punapa Paduka punika
ingkang sampun paring pangandika dhateng
tiyang estri punika?” Paring wangsulane:
“Iya bener.” 12 Pak Manoakh banjur matur:
“Benjing manawi pangandika Paduka punika
kalampahan, kados pundi mangke caranipun
gesang lare punika saha solah tingkahipun?”
13 Paring wangsulane Malaekate Sang Yehuwah
marang Pak Manoakh: “Kabeh kang wus
Sunpangandikakake marang wong wadon
iku, kudu disirik. 14 Aja mangan apa-apa
kang asale saka wit anggur; anggur lan
samubarang kang mendemi ora kena diombe
lan aja mangan sadhengaha kang karam. Apa
kang wus kaprentahake marang dheweke iku
katetepana kabeh.” 15 Pak Manoakh banjur
munjuk marang Malaekate Sang Yehuwah:
“Mugi kawula sami kelilana ngaturi kendel
dhumateng Paduka wonten ing ngriki, kawula
badhe ngolahaken cempe kagem Paduka.”
16 Nanging wangsulane Malaekate Sang
Yehuwah marang Pak Manoakh: “Sanadyan
Ingsun sira aturi kendel, sesaosanira
bakal ora Sundhahar. Dene manawa sira
arep olah iku kanggo kurban obaran, iku
saosna marang Sang Yehuwah.” Mulane

mangkono sabab Manoakh ora sumurup,
manawa Panjenengane iku Malaekate Sang
Yehuwah. 17 Pak Manoakh tumuli matur
marang Malaekate Sang Yehuwah: “Asma
Paduka punika sinten, supados kawula sageda
ngluhuraken Paduka, manawi pangandika
Paduka punika kalampahan.” 18 Nanging
Malaekate Sang Yehuwah tumuli ngandika
marang Manoakh: “Yagene sira takon
asmaningSun? Asma iku rak elok?” 19 Pak
manoakh banjur njupuk cempe karo kurbane
dhaharan, disaosake marang Sang Yehuwah
katumpangake ing watu. panjenengane tumuli
nindakake kaelokan kang kadeleng Manoakh
lan somahe. 20 Bareng karo urubing geni
kang muluk saka ing misbyah menyang ing
langit, Malaekate Sang Yehuwah sumengka
menyang ing ngaluhur ana ing sajroning urube
geni misbyah mau. Bareng Pak Manoakh lan
somahe padha ndeleng kang mangkono iku,
nuli padha sumungkem raine konjem ing
bumi. 21 Wiwit ing wektu iku Malaekate Sang
Yehuwah wus ora ngatingal maneh marang
Pak Manoakh lan somahe. Ing kono Pak
Manoakh mangreti yen iku Sang Malaekate
Pangeran Yehuwah, 22 Pak Manoakh banjur
kandha marang somahe: “Mesthi aku lan
kowe bakal padha mati, amarga wus padha
ndeleng marang Gusti Allah.” 23 Nanging
somahe mangsuli: “Saupami sang Yehuwah
karsa ngganjar pejah dhateng kita,mesthi
boten ngantos nampeni kurban obaran saha
kurban dhaharan saking tangan kita, sarta kita

boten dipun tedahi punika wau sadaya, saha
boten dipun pirengi ingkang kados makaten
ing wekdal sapunika.”
[24] Sawuse mangkono wong wadon mau
nglairake anak lanang, kang dijenengake:
Simson. Bocahe mundhak-mundhak gedhene
lan diberkahi dening Sang Yehuwah. [25] Atine
tumuli wiwit diobahake dening Rohe Sang
Yehuwah ana ing Mahane-Dhan kang
dumunung ing antarane Zora lan Esytaol.

Kramane Sang Simson lan cangkrimane

14:1-20

14 [1] Sang Simson tindak menyang ing
Timna lan ana ing kono mirsa sawijining
prawan bangsa Filisti. [2] Sakondure tumuli
ngaturi pirsa marang kang rama lan kang
ibu, ature: “Kula sumerep tiyang estri ing
Timna, anakipun tiyang Filisti; punika mugi
panjenengan pundhutaken dadosa semah
kula.” [3] Nanging kang rama lan kang ibu
padha ngandikani: “Panunggalane anake
sanak-sadulurmu lan panunggalane bangsaku
kabeh apa ora ana wong wadon, dene
kowe kok nganti ngalap rabi saka bangsa
Filisti, wong kang ora tetak? Ature Simson
marang kang rama: “Kula mugi panjenengan
pundhutaken tiyang punika, amargi punika
ingkang kula remeni.” [4] Nanging kang rama
lan kang ibu padha ora mirsa, yen prakara
iku saka pangrehe Pangeran yehuwah; marga
Sang Simson kudu golek dadakan nglawan

wong Filisti. Awit ing wektu samana wong
Filisti njajah wong Israel.
5 Sang Simson banjur tindak sesarengan karo
kang rama lan kang ibu menyang ing Timna.
Bareng tekan ing pakebonan anggur ing
Timna, lah ana singa anom mapagake lampahe
Sang Simson karo nggero; 6 Sang Simson
banjur katedhakan ing Rohe Sang Yehuwah,
temah singane disuwek-suwek kaya nyuwek
cempe tanpa apa-apa ing astane. Nanging apa
kang ditindakake iku ora dicaritakake marang
kang rama lan kang ibu.
7 Sawuse iku Sang Simson tumuli nglajengake
tindake, sarta banjur rembagan karo wong
wadon iku, amarga Sang Simson remen karo
wong iku. 8 Sawuse antara lawas panjenengane
tumuli wangsul mrono maneh perlu ningkahan
karo wong wadon iku; lan ing nalika nyimpang
saka ing dalan, perlu nuweni bathange singa,
lah katon ana krompolaning tawon kang padha
manggon ing raganganing singa sarta ana
madune. 9 Iku banjur dirogoh klawan astane
sarta didhahar karo nglajengake tindake,
tumuli manggihi kang rama lan kang ibu, uga
padha diaturi lan padha dhahar. Nanging ora
dicaosi pirsa yen anggone mundhut madu iku
saka ing raganganing singa.
10 Bareng kang rama wus tindak murugi
wong wadon mau, Sang Simson banjur damel
bujana ana ing kono, awit mangkono kang
dadi adate wong nom-noman. 11 Bareng
wong kono padha weruh Sang Simson,
tumuli padha milih kanca telung puluh

kang njagongi panjenengane.
12 Wong iku
banjur padha dipangandikani dening Sang
Simson: “Sumangga, panjenengan sami kula
caosi cangkriman, manawi ing salebetipun
pahargyan pitung dinten punika panjenengan
saged maringi batanganipun ingkang trep,
panjenengan sami badhe kula caosi rasukan
rangkepan mori alus tigang dasa iji, tuwin
panganggen pameran tigang dasa pangadeg.
13 Nanging manawi panjenengan boten saged
mbadhe, dados panjenengan ingkang kedah
maringi dhateng kula rasukan rangkepan
mori alus tigang dasa iji saha panganggen
pameran tigang dasa pangadeg.” Pangucape
wong mau marang Sang Simson: “Sumangga
panjenengan wedharaken cangkrimanipun,
badhe kula pirengaken.”
14 Pangandikane Sang
Simson marang wong mau:

“Wonten tedha ingkang medal saking
ingkang memangsa, wonten lelegi
ingkang medal saking ingkang rosa.”

Nganti telung dina suwene ora ana kang bisa
mbadhe cangkrimane.
15 Bareng dina kang
kaping pitune, wong mau kandha marang
garwane Sang Simson: “Bojomu bujuken,
supaya nglairna batangane cangkriman iku
marang aku; dene yen ora, aku bakal ngobong
kowe sarta saisining omahe bapakmu. Apa
perlune kowe ngundang aku, apa murih aku
padha dadi mlarat? Rak ora ta?”
16 Sang
Simson tumuli dirangkul karo muwun dening
kang garwa, ature: “Panjenengan sengit
dhateng kula lan boten remen dhateng

kula; panjenengan mbethekaken cangkriman
dhateng bangsa kula, nanging batanganipun
boten panjenengan ngandikakaken dhateng
kula.” 17 Nanging garwane nganti pitung dina
suwene, ing sajroning pahargyan iku tansah
muwun bae. Bareng tumeka pitung dinane
batangane diwedharake marang garwane,
amarga tansah nggubel bae, nuli batangane
dipratelakake marang bangsane. 18 Bareng ing
pitung dinane, sadurunge srengenge surup,
wong ing nagara kono banjur matur marang
Sang Simson:

“Punapa ingkang leginipun ngungkuli madu?
Punapa ingkang rosanipun ngungkuli singa?”

Pangandikane Sang Simson marang
wong-wong mau:

“Yen anggonmu mluku ora nganggo sapiku
wadon,
mesthi kowe ora bisa mbatang
cangkrimanku.”

19 Sang Simson tumuli katedhakan ing Rohe
Yehuwah, banjur tindak menyang ing Askelon
sarta mateni panunggalane wong telung
puluh, padha didhedheli panganggone lan
sandhangane pameran iku diwenehake marang
wong kang padha bisa mbatang cangkrimane.
Nanging dukane isih mulad-mulad, tumuli
kondur menyang ing daleme kang rama.
20 Dene garwane Sang Simson iku digathukake
karo kancane, tilas pengiringe.

Sang Simson nglawan wong Filisti

15:1-20

15 1 Sawuse sawatara dina nalika
mangsane panen gandum, Sang
Simson nuweni garwane klawan ngasta
oleh-oleh cempe, pangandikane: “Kula badhe
manggihi semah kula wonten ing kamaripun.”
Nanging ramane garwane ora nglilani lumebet.
2 Pangandikane ramane mau: “Aku ngira,
yen saliramu mesthi sengit banget marang
dheweke, mulane dakwenehake marang
kancamu. Adhine rak luwih ayu katimbang
karo dheweke, mbok iku bae pundhuten
dadi lirune.” 3 Sang Simson banjur ngandika
marang wong ing kono: “Sapisan iki aku ora
bisa diluputake dening wong Filisti, yen aku
nandukake piala marang wong-wong iku.”
4 Sang Simson tumuli tindak nyepeng asu
wawar telung atus, buntute banjur padha
diganthetake loro-loro lan saben buntut
loro dietrapi obor ana ing tengahe. 5 Obore
tumuli padha disuledi sarta asune wawar
banjur padha digetak menyang pagandumane
wong Filisti kang durung dieneni, dalasan
pakebonane jaitun. 6 Wong Filisti banjur padha
ngucap: “Sapa ta kang nindakake iku?” Tumuli
ana kang sumaur: “Iku Simson, mantune wong
Timna, amarga bojone direbut diwenehake
marang kancane.” Wong Filisti tumuli padha
teka sarta wong wadon mau diobong dalasan
bapakne. 7 Ing kono pangandikane Sang

Simson marang wong mau: “Yen kowe padha
duwe pokal kaya mangkono, lah aku iki
bakal ora leren-leren sadurunge malesake
awakku sakayange marang kowe.” 8 Wong
mau balung-balunge tumuli padha digepuki
sakayange. Panjenengane tumuli tindak sarta
manggen ana ing guwa parang ing gunung
Etam.
9 Bangsa Filisti banjur padha nglurug sarta
makuwon ana ing tanah Yehuda lan sumebar
tekan ing Lekhi. 10 Wong Yehuda padha
ngucap: “Yagene kowe padha nglurugi aku?”
Wangsulane wong Filisti: “Aku padha nglurug
arep mbanda Simson lan bakal nindakake
padha kaya kang ditandukake marang aku
kabeh.” 11 Banjur ana wong Yehuda telung ewu
padha marani guwa parang ing Etam sarta
matur marang Sang Simson: “Panjenengan
punapa boten pirsa, bilih tiyang Filisti punika
sami ngereh kula? Punapaa dene panjenengan
nandukaken makaten dhateng kula sadaya?”
Wangsulane Sang Simson marang wong mau:
“Panggaweku marang dheweke iku padha uga
karo kang dadi panggawene marang aku.”
12 Ature wong Yehuda marang Sang Simson:
“Dhateng kula mriki punika badhe mbesta
panjenengan, lajeng kula ulungaken dhateng
tanganipun tiyang Filisti.” Pangandikane Sang
Simson marang wong iku: “Kowe padha
sumpaha marang aku yen kowe dhewe bakal
ora ngrubut aku.” 13 Wong mau tumuli padha
matur marang hakim Simson, pangucape:
“Boten, namung badhe kula besta kemawon,

lajeng kula ulungaken dhateng tanganipun,
nanging boten kula pejahi.” Sang Simson
banjur dibesta klawan dhadhung anyar loro
sarta didhabyang metu sakal ing parang.
14 Satekane ing Lekhi banjur dipapag dening
wong Filisti klawan disuraki. Sang Simson
katedhakan ing Rohe Sang yehuwah, temah
dhadhung kang ana ing baune dadi prasasat
gagang rami kang kobong kena ing geni,
sarta bebandane padha lebur udhar saka ing
astane. 15 Lan panjenengane manggih balung
uwanging kuldi kang anyar, banjur mulung
astane balunge dipundhut lan kagawe nempuh
wong sewu nganti padha mati. 16 Sang Simson
ngandika:

“Klawan uwanging kuldi bangsa kuldi iku
dakajar,
klawan uwanging kuldi wong sewu dakgecak.”

17 Sawuse ngandika mangkono balung uwang
mau dibucal. Panggonan ing kono banjur karan
Ramat Lekhi.

18 Nalika Sang Simson kasatan banget,
sesambat marang Sang Yehuwah: “Paduka
sampun paring pangluwaran ageng makaten
lantaran tanganipun abdi Paduka, ing
sapunika punapa kawula badhe pejah kasatan,
sarta dhumawah ing tanganipun tiyang
boten tetak punika?” 19 Gusti Allah tumuli
mbengkah gampeng kang ana ing Lekhi lan
iku banjur metu banyune. Sang Simson tumuli
ngunjuk, temah pulih dadi kiyat maneh lan
seger sarirane. Mulane sendhang iku karan
Sendhang Pesambat, kang isih ana ing Lekhi

tumeka saprene. [20] Sang Simson anggone
ngakimi bangsa Israel nalika kajajah wong
Filisti lawase rong puluh taun.

Hakim Simson ana ing Gaza

16:1-3

16 [1] Nuju ing sawijining dina Sang Simson
tindak menyang ing Gaza; nalika ana
ing kono mirsani sawenehing wong wadon
tuna-susila, nuli dipurugi. [2] Bareng wong
ing Gaza kono padha dikandhani: "Simson
ana ing kene," tumuli padha ngepung lan
nyegati ana ing gapuraning kutha sawengi
muput, nanging ora tumindak apa-apa, marga
gagasane: "Mengko yen wus wayah bangun
esuk, dheweke bakal dakpateni." [3] Nanging
Sang Simson sare ana ing kono nganti tengah
wengi. Bareng wayah tengah wengi banjur
wungu, lawang gapura lan cagake kutha
dicandhak lan dibedhol saslarake, banjur
dipanggul lan dibekta munggah ing pucake
gunung kang ana ing ngarepe Hebron.

Sang Simson lan Dhelila

16:4-22

[4] Sawuse mangkono Sang Simson kasmaran
karo sawijining wong wadon ana ing lebak
Sorek, jenenge Dhelila. [5] Para panggedhening
wong Filisti tumuli manggihi Dhelila lan
ngandika mangkene: "Coba glembuken
nganti bisa koksumurupi apa kang marakake

karosane linuwih iku lan kapriye anggonku
bisa ngesorake lan mbanda dheweke, supaya
kenaa daktelukake. Aku iki siji-sijine bakal
ngwenehi opah kowe sewu satus dhuwit
selaka.” 6 Dhelila banjur matur marang Sang
Simson: “Bok inggih kula panjenengan blakani
ta punapa ingkang murugaken karosan
panjenengan ngedab-edabi punika, saha
punapa ingkang kadamel mbesta panjenengan
temahan ngantos kenging katelukaken?”
7 Pangandikane Sang Simson marang Dhelila:
“Manawa aku kabanda karo tali gandhewa
pitung iji, kang isih anyar tur durung garing,
mesthi aku dadi apes lumrah padha kaya wong
liya-liyane.” 8 Para panggedhene wong Filisti
tumuli ngasta tali gendhewa kang isih anyar
tur durung garing lan Sang Simson banjur
dibesta dening Dhelila klawan tali mau, 9 lan
ing kamar kono ana wong kang samekta. Wong
wadon mau banjur nguwuh-uwuh: “Tiyang
Filisti sami nggropyok panjenengan, Kangmas
Simson!” Nanging Sang Simson medhot taline
kaya lawe rami kang pedhot, awit kobong kena
geni, temah nganti ora kaweruhan dununging
karosane. 10 Dhelila banjur matur marang
Sang Simson: “Kula punika panjenengan
damel gegujengan saestu, kula panjenengan
apusi. Lah sapunika kula panjenengan blakani
ta punapa ingkang kenging kangge mbesta
panjenengan?” 11 Pangandikane Sang Simson
marang Dhelila: “Manawa aku dibanda kalawan
dhadhung anyar kang durung tau kanggo apa
bae, aku mesthi dadi apes, lan lumrah kaya

wong liya-liyane.” 12 Dhelila tumuli njupuk
dhadhung anyar digawe mbesta Sang Simson
lan banjur nguwuh-uwuh: “Tiyang Filisti sami
nggropyok panjenengan, Kangmas Simson!”
-- ing kamar ana wong kang samekta --
nanging dhadhunge padha dipedhot kaya
lawe bae kang udhar saka ing astane.
13 Dhelila tumuli matur marang Sang Simson:
“Ngantos dumugi sapunika panjenengan
punika damel gegujengan dhateng kula,
panjenengan apusi kemawon. Bok inggih
kula panjenengan blakani ta ingkang kenging
kangge mbesta panjenengan punika punapa?”
Pangandikane Sang Simson marang Dhelila:
“Manawa klabangane rambutku pitu iku padha
kokubetake oleh lungsening tenunan lan
koksantosani nganggo pantek, mesthi aku
dadi apes lan lumrah kaya wong liya-liyane.”
14 Remane Sang Simson nuli diubetake karo
panteke, banjur nguwuh-uwuh: “Tiyang Filisti
sami nggropyok panjenengan, Kangmas
Simson!” Nanging Sang Simson banjur wungu
saka anggone sare sarta nyendhal panteke
dalah lungsening tenunane.
15 Ature Dhelila marang Sang Simson:
“Kadospundi ta dene panjenengan kok
ngandika: Aku tresna marang kowe, nanging
nyatanipun panjenengan boten rumaket
dhateng kula? Sapunika sampun kaping
tiga kula panjenengan damel gegujengan,
boten panjenengan blakani punapa ingkang
murugaken karosan panjenengan ngedab-
edabi punika.” 16 Wasana bareng sadina-dina

dipetel-petelake lan digubel dening Dhelila,
temah ora bisa ngampah panggalihe maneh,
lan rumaos kaya pecat-pecata nyawane.
17 Sang Simson satemah banjur nglairake
isining panggalihe kabeh marang Dhelila,
mangkene pangandikane: “Sirahku durung tau
kagepok ing lading panyukuran, amarga aku
iki wiwit ana ing guwa-garbaning ibuku dadi
nazir sengkerane Gusti Allah; mulane manawa
aku kacukur mesthi koncatan karosanku
temah dadi apes, lumrah padha kaya wong
liya-liyane.” 18 Bareng Dhelila ngreti, yen
Sang Simson wus nglairake isining panggalihe
kabeh marang dheweke, banjur kongkonan
ngaturi para panggedhening wong Filisti,
kanthi matur mangkene: “Sapisan punika
sumangga panjenengan sami kula aturi
rawuh, amargi Simson sampun nglairaken
isining manahipun sadaya dhateng kula.”
Para panggedhening wong Filisti tumuli
ngrawuhi Dhelila klawan ngasta dhuwite.
19 Dhelila banjur ngarih-arih Simson sare
ana ing pangkone sarta nuli nekakake wong
kang dikon marasi remane klabangan pitu
pisan, temah Sang Simson banjur wiwit kena
kawasesa dening wong wadon mau, amarga
wus koncatan ing karosane. 20 Dhelila tumuli
nguwuh-uwuh: “Kangmas Simson, tiyang
Filisti sami nggropyok panjenengan!” Sang
Simson wungu saka anggone sare banjur
ngandika: “Aku iki bakal bisa uwal maneh
kaya sing uwis-uwis lan bakal mbedhal.”
Nanging ora rumaos, yen wus katilar dening

Sang Yehuwah. 21 Tumuli dicekel dening wong
Filisti, tingale karo pisan dicuplaki, banjur
didhabyang menyang ing Gaza, kabesta
nganggo rante tembaga sarta kabubuhan
pagawean nggiling ana ing pakunjaran.
22 Nanging remane, sawuse kaparas, nuli
wiwit thukul maneh.

Sang Simson seda

16:23-31

23 Sawuse iku para panggedhene wong Filisti
padha nglempak arep nyajekake kurban
sembelehan gedhe marang Dagon, allahe
sarta sukan-sukan, pangandikane:

“Allah kita wis ngulungake mungsuh kita
Simson marang ing tangan kita.”

24 Sarta maneh bareng wong akeh ndeleng
Simson, banjur padha memuji marang allahe,
klawan padha ngucap:

“Mungsuh kita
kang ngrusak tanah kita,
lan gawe patine kanca akeh
wis diulungake dening allah kita
marang ing tangan kita.”

25 Nalika lagi padha seneng-seneng
mangkono iku, banjur padha celathu: “Si
Simson undangen, cikben gawe seneng
kita!” Sang Simson banjur diwedalake saka
ing pakunjaran, lan digawe geguyon ana
ing ngarepe wong-wong mau, nuli diaturi
jumeneng ana ing antarane saka-saka. 26 Sang
Simson tumuli ngandika marang bocah kang

nuntun astane: “Aku eculna sedhela, kareben
aku ngemek-ngemek saka-saka guruning
omah iki, supaya aku bisa sendhenan!”
27 Anadene gedhung iku kebak wong lanang
lan wadon, dalah sakehing panggedhene
wong Filisti uga ana ing kono, sarta ing payon
ana wonge lanang lan wadon watara telung
ewu, padha nonton anggone Simson kagawe
geguyon. 28 Sang Simson banjur sesambat
marang Pangeran Yehuwah, unjuke: “Dhuh
Pangeran Yehuwah, Paduka mugi karsaa
ngengeti kawula, saha kawula mugi Paduka
kiyataken namung sepisan punika kemawon,
dhuh Gusti Allah, supados kawula sageda
nandukaken piwales dhateng tiyang Filisti,
jalaran saking icalipun mripat kawula kalih
punika.” 29 Sang Simson tumuli ngrangkul
saka-guru loro kang ana ing tengah dhewe
kang kanggo nyangga omah iku, kang siji
karo astane tengen lan sijine karo astane
kiwa. 30 Pangandikane Sang Simson: “Pecata
nyawaku bareng karo wong Filisti iki!” Banjur
tumelung klawan ngetog karosane, temahan
omahe ambruk ngebruki para panggedhe lan
sakehe wong kang ana ing jerone. Olehe
pepati nalika sedane iku kehe ngungkuli kang
pinatenan nalika isih sugeng.
31 Sawuse iku para sadhereke lan sakehing
kulawargane kang rama tumuli padha teka
ngukup layone, kasambut saka ing kono lan
kasarekake ana ing pasareane kang rama
Manoakh, ing antarane Zora lan Esytaol.

Anggone ngakimi bangsa Israel iku lawase
rong puluh taun.

Reca sesembahane Mikha

17:1-13

17 1 Ing pagunungan Efraim ana sawijining
wong, jenenge Mikha. 2 Dheweke
matur marang ibune: “Artanipun selaka
ibu, sewu satus ingkang ical kapendhet ing
tiyang, ngantos panjenengan ngucapaken
supaos -- kula piyambak mireng pangandika
panjenengan -- punika wonten ing kula,
kula ingkang mendhet.” Wangsulane ibune:
“Kaberkahana anakku dening Pangeran
Yehuwah.” 3 Sawuse iku dhuwit selaka
sewu satus iku tumuli dibalekake marang
ibune. Nanging ibune ngandika: “Dhuwit iku
daksengker konjuk marang Sang Yehuwah,
dakpasrahake marang anakku, supaya
ditanjakna kanggo gawe reca ukir-ukiran
lan reca cor-coran. Mulane saiki dhuwit iku
dakbalekake marang kowe.” 4 Nanging dhuwit
iku dibalekake marang ibune, wong wadon
iku nuli njupuk dhuwite selaka rong atus lan
kawenehake marang tukang selaka; dhuwit
iku kagawe reca ukir-ukiran lan cor-coran
kang banjur diprenahake ana ing omahe
Mikha. 5 Mikha iku duwe omah brahala. Banjur
digawekake efod lan terafim; salah sawijining
anake lanang didadekake imam. 6 Ing nalika
samana ing Israel ora ana ratune, angger

wong nindakake apa kang dianggep bener
miturut wawasane.
7 Ana sawijining wong anom saka ing
Betlehem-Yehuda, saka taler Yehuda; dheweke
kalebu wong Lewi lan manggon ana ing kono
dadi wong neneka. 8 Wong mau banjur budhal
saka ing kutha Betlehem-Yehuda, arep neneka
ana ing ngendi bae janji oleh panggonan;
anggone lelaku tumeka ing pagunungan
Efraim, ing omahe Mikha. 9 Tumuli diaruh-aruhi
dening Mikah mau: "Panjenengan saking
pundi?" Wangsulane: "Kula punika tiyang Lewi
saking Betlehem-Yehuda, kula kekesahan
badhe neneka wonten ing pundi kemawon
uger angsal panggenan." 10 Celathune Mikha
marang wong mau: "Sumangga panjenengan
kula aturi dedalem nunggil kaliyan kula, badhe
kula anggep bapa saha imam kula, saben
taun panjenengan badhe kula caosi arta
selaka sadasa, pangageman sapangadeg saha
dhahar." 11 Wong Lewi mau nyarujuki tetep
manggon tetunggalan karo wong mau. Wong
nom mau diangggep kaya salah sawijining
anake dhewe. 12 Mikha netepake wong Lewi
mau, wong nom iku, dadi imame sarta
manggon ana ing omahe Mikha. 13 Pangucape
Mikha: "Saiki aku sumurup, yen Sang Yehuwah
bakal paring karaharjan marang aku, marga
ana wong Lewi dadi imamku."

Reca sesembahane Mikha direbut dening bani Dhan

18:1-31

18 1 Nalika samana ing Israel ora ana
ratune lan ing nalika iku suku Dhan
lagi ngupaya tanah pusaka kang bakal
dienggoni ana ing antarane taler-taler Israel.
2 Marga saka iku wong bani Dhan nuli padha
kongkonan wong lima saka wong sagotrahe
kabeh, padha wong gagah prakosa kang asale
saka ing Zora lan ing Esytaol, padha dikon
nelik lan niti-priksa nagara iku sarta kaweling:
"Mangkata lan niti-priksaa nagara iku!" Bareng
wong-wong mau tumeka ing pagunungan
Efraim ing omahe Mikha, padha nginep ana
ing kono.
3 Nalika tekan ing sacedhake omahe Mikha
mau, padha ngreti marang pakecapane
wong nom suku Lewi iku, banjur diampiri
lan diaruh-aruhi: "Sinten ingkang mbekta
panjenengan mriki? Padamelan panjenengan
punapa lan kagungan urusan punapa wonten
ngriki?" 4 Wangsulane wong Lewi mau marang
kang padha ngaruh-aruhi: "Makaten-makaten
tandukipun Mikha dhateng kula; kula
dipun blanja saha kula dados imamipun."
5 Pangucape wong mau marang wong Lewi
iku: "Sumangga panjenengan kula aturi neges
dhateng Gusti Allah, supados kula sageda
sami sumerep, punapa lampah kula punika
badhe angsal damel." 6 Wangsulane imam iku

marang wong-wong mau: “Sami kula aturi
tindak kanthi tentrem rahayu! Ayahan ingkang
panjenengan lampahi punika sae wonten ing
paningalipun sang Yehuwah.”
7 Wong lima mau banjur padha mangkat,
nuli padha tekan ing Lais. Rakyat kang ana
ing kono katon tentrem uripe, miturut adate
wong ing Sidon, tentrem lan ayem. Wong iku
ora padha kekurangan apa-apa ing bab apa
kang ana ing salumahing bumi, malah padha
sugih dhuwit. Pamanggone adoh karo wong
ing Sidon lan padha ora sesrawungan karo
sapa bae.
8 Wong kang padha nelik mau saulihe marang
para sadulure tunggal taler ing Zora lan ing
Esytaol, banjur ditakoni dening para sadulure
mau: “Apa kang koktrenjuhi ana ing kana?”
9 Wangsulane: “Padha samektaa, payo padha
mangsah nglurug mrana, amarga aku wus
padha ndeleng nagara iku, pancen apik
banget. Genea kowe padha meneng bae? Aja
padha aras-arasen nglurug ngejegi lan ngebeki
nagara iku! 10 Satekamu ing kana kowe bakal
nrenjuhi rakyat kang tentrem uripe, sarta
tanahe iku jembar alang-ujure. Lah Gusti Allah
wus ngulungake iku marang ing tanganmu; iku
panggonan kang ora kekurangan samubarang
kang ana ing salumahing bumi.”
11 Tumuli gotrahe suku Dhan budhal saka
ing Zora lan ing Esytaol kehe ana wong
nem atus padha sikep gegaman. 12 Banjur
padha mangkat lan tumuli makuwon ana
ing sacedhake. Kiryat-Yearim ing tanah

Yehuda. Mulane panggonan kono iku nganti
saprene karan Mahane-Dhan; prenahe ana
ing sakulone Kiryat-Yearim. 13 Saka ing kono
terus baris menyang ing pagunungan Efraim
lan padha tekan ing omahe Mikha.
14 Wong lima kang maune lunga nelik tanah
ing Lais iku banjur padha kandha marang
para sadulure, tembunge: "Apa kowe padha
sumurup, yen ing omah-omah kene ana efode
lan terafime, apadene reca ukir-ukiran lan
reca cor-coran? Lah saiki kowe padha ngretia
temenan apa kang bakal koklakoni!" 15 Banjur
padha mampir nekani omahe wong nom suku
Lewi iku ing omahe Mikha sarta padha takon
kaslametane. 16 Ing nalika iku wong nem
atus panunggalane bani Dhan kang sikep
gegaman mau padha mandheg ana ing regol;
17 dene wong lima kang maune lunga nelik
tanah iku padha nerusake lakune lan lumebu
sarta njupuki recane ukir-ukiran, efode,
terafime lan recane cor-coran. Dene imame
ngadeg ana ing regol awor karo wong nem
atus kang sikep gegaman mau. 18 Nanging,
bareng wong mau wus padha lumebu ing
omahe Mikha sarta njupuki reca ukir-ukiran,
efod, terafim lan recane cor-coran, imam mau
banjur ngaruh-aruhi: "Padha ngapa kowe
iku?" 19 Wangsulane wong-wong iku marang
imam mau: "Wis cep menenga, mingkema,
melua aku lan dadia bapak lan imamku kabeh.
Endi sing kok pilih: ngimami omahe wong siji,
apa ngimami wong sataler, iya sagotrah ing
satengahe wong Israel?" 20 Imam mau seneng

atine, njupuki efod, terafim tuwin recane ukir-
ukiran, banjur melu lumaku ana ing satengahe
wong akeh. 21 Wong-wong iku tumuli padha
minger mbanjurake lakune, bocah-bocah
lan raja-kaya apadene barang-barnag kang
pangaji dilakokake ana ing ngarep.
22 Bareng wus kepara adoh saka ing omahe
Mikha, wong kang manggon ana ing sacedhake
omahe Mikha padha kaklumpukake, nututi
bani Dhan. 23 Wong-wong mau padha nyeluki
bani Dhan, mulane bani Dhan banjur padha
nolih sarta ngucap marang Mikha: “Ana apa
kowe kok padha krompolan mangkono?” Nuli
diwangsuli: 24 “Lah wong kowe padha njupuki
allahku olehku gawe, dalah imame, nuli kowe
padha lunga. Aku iki kari duwe apa maneh?
Kapriye dene aku kokuneni: Ana apa kowe iku?
25 Wong bani Dhan tumuli padha mangsuli:
“Aja nganti aku padha krungu swaramu,
supaya aja nganti ana wong kang gregeten
nuli padha nempuh marang kowe, temah
kowe kelangan nyawamu dalah nyawane
saisining omahmu.” 26 Bani Dhan banjur
padha nutugake lakune, dene Mikha sarehne
ngreti, yen kana luwih kuwat katimbang karo
dheweke, mulane banjur bali mulih.
27 Bani Dhan iku klawan nggawa barang
gegaweane Mikha dalah imame, tumuli padha
tekan ing Lais, kang dienggoni rakyat kang
ayem tentrem uripe. Rakyat iku ditumpes
klawan landheping pedhang sarta kuthane
diobong. 28 Ora ana wong teka nulungi,
marga panggonane adoh saka ing Sidon lan

ora sesrawungan karo sapa-sapaa. Prenahe
kutha iku ana ing lebak Bet-Rehob. Sawuse
mangkono, kuthane banjur dibangun maneh
lan dienggoni. 29 Kuthane nuli dielih arane
dadi Dhan, miturut asmane leluhure, yaiku
Rama Dhan, putrane Rama Israel, nanging
kutha iku maune aran Lais. 30 Wong bani Dhan
banjur ngadegake reca ukir-ukiran iku mau,
sarta Yonatan, bin Gersom bin Musa dalasan
turun-turune padha dadi imame taler Dhan
nganti tumeka wong ing tanah kono iku padha
dadi wong buwangan. 31 Kaya mangkono
anggone reca ukir-ukiran gaweane Mikha
iku kaadegake lan reca iku ana ing kono,
sasuwene padalemane gusti Allah ana ing Silo.

Lelakon ana ing Gibea kang dadi cacadan

19:1-30

19 1 Nalika ing Israel ora ana ratune
kelakon ana sawijining wong Lewi
kang neneka, manggon ana ing pungkurane
pagunungan Efraim, kang ngalap bojo selir
saka ing Betlehem-Yehuda. 2 Nanging selire
iku nuli sedheng marang dheweke, banjur
purik ninggal bojone mulih menyang omahe
bapakne ing Betlehem-Yehuda mau, nuli
ana ing kono suwene patang sasi. 3 Bojone
tumuli mangkat nusul arep diarih-arih murih
baline; lakune kanthi batur lanang siji lan
kuldi loro. Satekane ing kana banjur diajak
dening wong wadon enom iku lumebu ing
omahe bapakne. Bareng bapakne wong wadon

mau weruh tekane, tumuli diacarani klawan
bungah. 4 Malah banjur diendheg dening
maratuwane, iya iku bapakne wong wadon
noml mau, nganti telung dina ana ing omahe
bapakne iku; padha mangan lan ngombe
sarta nginep ana ing kono. 5 Bareng ing
patang dinane nalika esuk uthuk-uthuk padha
tangi lan nalika wong Lewi mau tata-tata
arep mangkat, bapakne wong wadon mau
tumuli kandha marang mantune: “Sarapan
roti sacuwil dhisik, nuli padha mangkata!”
6 Dadine sakaro-karone banjur padha lungguh
mangan lan ngombe. Bapakne wong wadon
nom mau tumuli kandha marang wong lanang
mau: “Kowe bok ndhanganake atimu nginep
maneh lan ngenggar-enggar atimu!” 7 Nanging
bareng wong mau ngadeg arep mangkat,
dipeksa-peksa dening maratuwane, banjur
nginep maneh. 8 Bareng ing limang dinane
nalika wong mau tata-tata ing wayah esuk
arep mangkat, bapakne wong wadon mau
kandha: “Sarapana dhisik ta, banjur srantekna
tekan wayah lingsir kulon.” Sakarone banjur
padha mangan. 9 Bareng wonge ngadeg arep
mangkat dalah selire lan bature, maratuwane,
iya iku bapakne wong wadon iku, banjur
celathu: “Lah ta delengen, iki wis lingsir kulon,
ngarepake surup, bok nginep ana ing kene
bae lan ngenggar-enggarna atimu, nuli sesuk
tangia sing esuk lan banjur padha mangkata
mulih.” 10 Nanging wonge ora gelem nginep,
malah tumuli tata-tata lan banjur mangkat.
Lakune tekan ing ngarepe Yebus -- yaiku

Yerusalem -- dalasan kuldine loro kang wis
abah-abahan lan selire uga melu.
11 Bareng lakune tekan ing cedhake Yebus
mau, srengengene wus endhek banget; bature
banjur matur marang bendarane: “Sumangga
sami mampir ing kithanipun tiyang Yebus
punika, sami nyipeng wonten ing ngriku.”
12 Nanging bendarane mangsuli: “Aku ora bakal
padha mampir ing kuthane wong ngamanca,
kang dudu wewengkone wong Israel, becik
aku padha mbacutake laku nganti tekan ing
kutha Gibea.” 13 Banjur kandha maneh marang
bature: “Ayo padha mbacutake laku nganti
tutug ing salah sawijining panggonan kana,
padha nginep ana ing Gibea utawa ing Rama.”
14 Dadine padha mbacutake lakune. Bareng
wus cedhak ing kutha Gibea, kang klebu
tlatahe taler Benyamin, srengenge wis surup.
15 Marga saka iku banjur padha menyang
Gibea, arep nginep ana ing kono lan salebune
tumuli lungguh ana ing ara-araning kutha,
nanging ora ana wong siji-sijia kan ngajak
menyang omahe ngwenehi panginepan.
16 Nanging ing wayah sore iku banjur ana
wong tuwa mulih saka pagaweane ing tegal.
Wong mau asale saka ing pagunungan
Efraim, neneka manggon ana ing Gibea,
nanging wong kang padha manggon ing
kutha kono iku wong Benyamin. 17 Bareng
wong tuwa mau ndengengek ndeleng wong
lelaku ana ing ara-araning kutha, tumuli
aruh-aruh: “Panjenengan badhe dhateng
pundi, lan panjenengan rawuh saking pundi?”

[18] Wangsulane marang wong-wong mau: “Kula
saweg sami lelampah saking Betlehem-Yehuda
badhe dhateng ing pengkeraning pareden
ing Efraim; asal kula saking ing ngriku. Kula
mentas kesah dhateng Betlehem-Yehuda lan
sapunika badhe mantuk dhateng griya kula.
Nanging boten wonten tiyang ingkang ngajak
kula dhateng ing griyanipun, [19] sanadyan kula
sampun gadhah dami saha pakan kangge kuldi
kula, makaten ugi sampun woten roti tuwin
anggur kangge kula saha abdi panjenengan
tiyang estri, punapa dene kangge abdi ingkang
tumut kula; kula sami boten kekirangan
punapa-punapa.” [20] Wong tuwa mau banjur
kandha: “Sampun ngantos kuwatos! Sadaya
ingkang panjenengan betahaken kula ingkang
badhe nanggel, nanging panjenengan sampun
ngantos nyipeng wonten ing ara-araning kitha
punika.” [21] Wonge tumuli diater lumebu ing
omahe sarta kuldine padha dipakani; dene
sawuse wisuh sikil, banjur padha mangan lan
ngombe.

[22] Nanging bareng lagi padha enak-enak,
lah wong ing kutha kono, wong kang ambek
dursila, tumuli padha ngepung omah iku
mau, padha ndhodhogi lawang sarta padha
celathu marang wong tuwa kang duwe omah
tembunge: “Wong kang mentas teka ing
omahmu iku gawanen metu, arep dakanggo
seneng-seneng!” [23] Wonge kang duwe omah
banjur metoni marang wong akeh sarta padha
dituturi: “Sampun ta para sadherek kula, bok
sampun ngantos nglampahi piawon makaten,

amargi tiyang punika sampun wonten ing griya
kula, bok sampun nglampahi piawon kados
makaten! [24] Nanging kula gadhah anak taksih
prawan, lan seliripun tiyang punika, sami kula
bektanipun medal, punika panjenengan damel
sukan-sukan, saha panjenengan damel ing
sakarsa panjenengan, namung tiyang punika
sampun panjenengan damel pangewan-ewan!”
[25] Nanging wong mau padha ora ngrewes
marang ing pituture. Wong Lewi mau banjur
nyandhak selire digawa metu menyang ing
jaba kaulungake marang wong akeh, banjur
dituroni klawan digawe dolanan sawengi natas,
nganti tumeka ing wayah esuk. Bareng wetune
bang-bang wetan wong wadon mau lagi
ditinggal lunga. [26] Nalika wayah bangun esuk
wong wadon mau lagi bali, nanging ambruk
ana ing ngarepe lawanging omahe wong
tuwa kang diinepi bendarane, lan dheweke
gumlethak ana ing kono nganti padhang.
[27] Bareng bendarane ing wayah esuk tangi,
tumuli ngengakake lawange omah sarta
metu sumedya mbanjurake lakune, lah wong
wadon, selire iku ketemu gumlethak ana ing
lawanging omah, tangane padha sumeleh
ana ing tlundhag. [28] Pangucape marang
wong wadon mau: “Ngadega, payo padha
mangkat.” Nanging ora ana wangsulane;
mayite banjur diemotake ing kuldi, lan wonge
tumuli budhal mulih. [29] Satekane ing omahe
banjur njupuk lading, sarta selire dicandhak
ditengkel-tengkel miturut gegelitane dadi rolas
tengkel, padha dikirimake menyang sakehing

tlatahe tanah Israel. [30] Lan angger wong kang
weruh duwe pangucap: "Kang kaya mangkono
iku durung tau kelakon utawa kasumurupan
wiwit ing dinane wong Israel padha budhal
metu saka ing tanah Mesir nganti saiki. Mara,
prakara iki pikiren lan timbang-timbangen
banjur caturana."

Perange wong Israel nglawan bani Benyamin

20:1-48

20 [1] Tumuli wong Israel kabeh padha metu
ngumpul seba marang ing ngarsane
Sang yehuwah ing Mizpa, lan sabiyantu padha
nglumpuk wiwit saka ing Dhan nganti tutug
ing Bersyeba, lan uga saka ing tanah Gilead.
[2] Para panggedhene wong sabangsa kabeh
saka sakehing talere Israel padha ngirid
pasamuwane umate Gusti Allah, gunggung
wong patang atus ewu kang padha dharat
lan sikep gegaman pedhang. [3] Bani Benyamin
padha krungu warta, yen wong Israel
padha nglurug menyang ing Mizpa. Wong
Israel nuli padha ngucap: "Padha critakna
kapriye kelakone kadursilan iku?" [4] Wong
Lewi somahe wong wadon kang kapatenan
banjur matur: "Kula kanthi semah kula selir
kaleresan dhateng ing Gibea ingkang klebet
wewengkonipun Benyamin, sumedya badhe
nyipeng. [5] Sareng dalu tiyang ing Gibea wau
lajeng sami ndhatengi kula lan griya punika
dipun kepang sumedya nempuh dhateng kula.

Kula punika badhe dipun pejahi, nanging
semah kula selir dipun wasesa ngantos
dados lan pejahipun. 6 Sareng makaten
mayitipun selir kula wau lajeng kula pendhet,
kula tengkel-tengkel sarta kula kintunaken
dhateng ing jajahaning tanah-pusakanipun
tiyang Israel sadaya, amargi ingkang dipun
tindakaken wonten ing satengahipun tiyang
Israel punika pratingkah resah saha dados
pangewan-ewan. 7 Lah sapunika panjenengan
tiyang Israel sadaya sampun sami wonten
ngriki, sumangga sami karsaa paring pirembag
lan pamrayogi.” 8 Sagolongane wong kabeh
banjur padha saiyeg tumandang, pangucape:
“Panunggalan kita siji bae ora ana kang mulih
menyang kemahe, siji bae ora ana kang bali
menyang ing omahe. 9 Iki kang arep kita
tandukake marang wong Gibea: Kita perangi
kalawan mbuwang undhi! 10 Aku padha milih
saka sakehing talere Israel iku saben wong
satus padha dakjupuk wong sapuluh, saben
wong sewu: satus, saben sepuluh ewu wong
sewu, iku diwajibake njupukake sangu kanggo
wadya-bala iki; sawuse iku padha teka, nuli
bisa males marang Gibea-Benyamin kang laras
karo sakehe panggawene panyenyamah kang
wus dilakoni ana ing satengahe wong Israel.”
11 Mangkono dadine sakehe wong lanang ing
Israel padha nglumpuk sumedya nglawan
kutha iku, kabeh padha saiyeg manunggal
budi.
12 Para talere Israel tumuli nyebar kongkonan
menyang ing saindenging tlatahe taler

Benyamin kalawan wineling supaya pratela:
“Kadursilan apa kang kelakon ana ing
tengah-tengahmu iki? [13] Mulane saiki, mara
wong kang tumindak dursila ana ing Gibea
iku padha ulungna, arep padha dakukum
pati, supaya kadursilan iku kasirnakna saka
ing satengahe wong Israel!” Nanging wong
Benyamin ora maelu marang pituture para
sadulure wong Israel. [14] Malah bani Benyamin
padha nglumpuk saka ing kutha-kutha liyane
menyang ing Gibea, arep mangsah perang
nglawan wong Israel. [15] Dene wong bani
Benyamin kang saka kutha-kutha liyane
mau ing wektu samana ana wong nem likur
ewu kang asikep gegaman pedhang, durung
kapetung wong ing Gibea, kang cacahe pitung
atus, padha wong pilihan. [16] Panunggalane
bala samana iku ana wong pilihan pitung
atus kang padha kedhe, iku kabeh manawa
mbandhil nganggo watu ora mlesed sarambut
bae.
[17] Uga wong-wong Israel kawilang cacahe;
tanpa suku Benyamin ana patang atus ewu,
kang asikep gegaman pedhang; kabeh mau
prajurit. [18] Wong Israel banjur padha mangkat
sarta lumaku menyang ing Betel. Ana ing kono
padha neges marang Gusti Allah, unjuke:
“Sinten panunggilan kawula ingkang miwiti
mangsah perang nglawan bani Benyamin?”
Dhawuhe Sang Yehuwah: “Suku Yehuda
kang miwitana dhisik!” [19] Wong Israel tumuli
padha budhalan ing wayah esuk, banjur
pacak baris ana ing ngarepe Gibea. [20] Wong

Israel tumuli padha mangkat perang nglawan
Benyamin; wong-wong Israel padha masang
gelaring perang ana ing sacedhake Gibea
mau. [21] Bani Benyamin uga mangsah metu
saka ing Gibea lan ing sadina iku padha
oleh pepati panunggalane wong Israel kehe
rolikur ewu. [22] Nanging balane wong Israel
tumuli padha nglumpukake kekuwatane sarta
nata gelaring perang maneh ana ing papan
panatane nalika sakawit. [23] Wong Israel nuli
padha mangkat sarta nangis ana ing ngarsane
Sang Yehuwah, nganti ing wayah sore, wasana
padha neges marang Sang Yehuwah, unjuke:
“Punapa kawula sami nempuh perang malih,
nglawan sadherek kawula tiyang Benyamin?”
Dhawuhe Sang Yehuwah: “Mangsaha nglawan
wong-wong iku!” [24] Nanging nalika wong Israel
ing dina kapindhone tekan ing sacedhake bani
Benyamin, [25] ing dina kapindho iku balane
bani Benyamin tumuli padha mapagake saka
ing Gibea, sarta padha oleh pepati maneh
panunggalane wong Israel wolulas ewu, kabeh
padha asikep gegaman pedhang. [26] Wong
Israel kabeh, yaiku wong sabangsa kabeh
banjur padha mangkat menyang ing Betel,
ana ing kono padha nangis ana ing ngarsane
Sang Yehuwah, sarta padha puwasa sadina
iku nganti ing wayah sore, apadene padha
nyaosake kurban obaran lan kurban slametan
ana ing ngarsane Sang Yehuwah. [27] Wong
Israel tumuli padha neges marang Sang
Yehuwah -- pethining prasetyaning Allah ing
nalika samana ana ing kono, [28] lan nalika iku

Pinehas bin Eleazar, bin Harun dadi imaming Allah -- unjuke: "Punapa kawula kedah mangsah perang malih nglawan sadherek kawula bani Benyamin punika, punapa kedah kawula kendeli?" Dhawuhe Sang Yehuwah: "Padha mangsaha, amarga sesuk bakal Sunulungake ing tanganira."
29 Wong Israel banjur pacak baris pendhem
ana ing sakubenge Gibea. 30 Ing telung dinane
wong Israel mangsah nglawan bani Benyamin, lan padha pasang gelar perang nglawan Gibea
kaya kang uwis-uwis. 31 Wong bani Benyamin
tumuli padha mangsah perang, temah padha kapancing saka ing kuthane, sarta wiwit nggepuk oleh pepati saka bala Israel sawetara kaya kang dhisik, papane ana ing ratan gedhe loro, kang siji ngener menyang ing Betel, sijine metu ing ara-ara anjog ing Gibea, temah kira-kira ana wont telung puluh saka wong
Israel kang pinatenan. 32 Ing kono pangucape
bani Benyamin: "Wis padha kalah ana ing ngarep kita kaya kang dhisik kae." Nanging wong Israel ing maune wus padha sarujukan: "Payo padha lumayu mancing wong-wong iku saka ing kutha menyang ing dalan-dalan
gedhe." 33 Wong Israel dadine banjur padha
mingser saka ing panggonane, nata gelar ana ing Baal-Tamar, dene bala pendhem Israel dumadakan padha metu saka ing papane, yaiku papan blak-blakan ing sacedhake Gibea,
34 nganti tekan ing sangarepe Gibea, kehe
ana sepuluh ewu, bala pilihan saka Israel kabeh. Banjur campuh perang rame, nanging

wong Benyamin padha ora sumurup yen ana
bilai kang nekani. 35 Sang Yehuwah tumuli
ndadosake Benyamin kalah perange ana ing
ngarepe Israel, temah wong Israel ing dina
iku bisa nyirnakake saka ing antarane taler
Benyamin wong selawe ewu limang atus,
kabeh kang padha sikep gegaman pedhang.
36 Wong bani Benyamin padha weruh, yen
wus kalah. Dene bala Israel padha rada
mundur ana ing sangarepe suku Benyamin
-- sabab padha ngendelake baris pendhem
kang wus pacak baris arep nempuh Gibea
--. 37 Baris pendhem mau banjur dadakan
nempuh marang Gibea. Lakune baris pendhem
maju terus nuli nggepuk saisining kutha
klawan landheping pedhang. 38 Nanging
wong Israel wus padha sarembug karo baris
pendhem mau supaya gawe pega kang
kumelun kendel saka ing kutha. 39 Nalika bala
Israel padha mundur saka ing peperangan,
bala Benyamin banjur wiwit nempuh oleh
pepati saka bala Israel watara telung puluh
mau, temah padha duwe gagasan: "Mesthi
padha kalah maneh ana ing ngarepku, kaya
nalika perang kang dhisik kae." 40 Nanging
kebule pega banjur wiwit kumelun saka ing
kutha kaya tugu. Bareng bala Benyamin
padha nolih ndeleng lah kuthane wus kobong,
genine mumbul marang ing langit. 41 Bala
Israel tumuli mangsah maneh. Bala Benyamin
padha ndredheg, amarga padha weruh, yen
padha katempuh ing bilai. 42 Dadine padha
lumayu saka ing ngarepe bala Israel, metu

ing dalan kang anjog ing ara-ara samun,
nanging padha ora bisa nyingkiri perang, sarta
ditempukake kang metu saka ing kutha-kutha
kang banjur nyirnakake wong-wong iku
ana ing tengahe. 43 Bala Benyamin dadine
dikepung, dioyak-oyak tanpa leren, diesuk
nganti tutug ing ngarepe Gibea sisih wetan.
44 Saka bala Benyamin ana wong wolulas ewu
kang padha nemu tiwas, kabeh padha wong
gagah prakosa.
45 Liyane banjur padha mundur lumayu
menyang ing ara-ara samun, njujug ing
parang Rimon. Nanging padha diasagi ana
ing ratan-ratan temah oleh pepati maneh
wong limang ewu, nuli dioyak nganti tutug
ing Gideom, padha oleh pepati maneh
wong rong ewu. 46 Dadine sakehing wong
Benyamin kang padha nemu tiwas ing dina
iku gunggune selawe ewu, kabeh wong kang
padha asikep gegaman pedhang, kabeh wong
gagah prakosa. 47 Mung ana wong nem atus
kang mundur lumayu menyang ing ara-ara
samun, ing parang Rimon iku. 48 Nanging bala
Israel banjur padha mbaleni marang wong
bani Benyamin sarta padha ditumpes klawan
landheping pedhang, iya manungsa iya kewan
lan apa kang tinemu ana ing kutha kono. Uga
sakehing kutha kang tinemu ing kono padha
diobongi.

Taler Benyamin lestari urip

21:1-25

21 [1] Wong Israel wus padha nglairake
sumpah ana ing Mizpa, mangkene:
“Aja ana panunggalan kita kang ngolehake
anake wadon karo wong Benyamin dadi
somahe.” [2] Nalika bangsa iku tumeka ing Betel
sarta andher ana ing kono ana ing ngarsane
Gusti Allah, nganti tumeka ing wayah sore,
tumuli padha ngulukake swarane karo nangis
kelara-lara. [3] Lan unjuke: “Dhuh Yehuwah,
Gusti Allahipun Israel, punapaa dene ngantos
wonten lelampahan kados makaten wonten
ing Israel, dene ing dinten punika kok wonten
taleripun Israel satunggal ingkang ical?”
[4] Esuke ing wayah umun-umun bangsa Israel
padha ngedegake misbyah ana ing kono,
tumuli padha nyaosake kurban obaran lan
kurban slametan.
[5] Ing nalika samana wong Israel banjur padha
ngucap mangkene: “Panunggalane sakehing
talere Israel sapa kang ora melu teka karo
pasamuwan iki lan banjur seba ing ngarsane
Sang Yehuwah?” Amarga wus padha nglairake
sumpah kang abot tumrap in sadhengah wong
kang ora melu seba marang ing ngarsane
Sang Yehuwah ana ing Mizpa, mangkene
anggone sumpah: “Wong iku ora kena ora
mesthi kaukum pati!” [6] Wong Israel padha
mesakake marang suku Benyamin sadulure
iku, pangucape: “Ing dina iki ana taler siji kang

kapegat saka ing Israel. 7 Kapriye ta rekane
tumrap wong kang isih kari iku anggonku
padha ngolehake bojo, amarga aku wus padha
sumpah demi Sang Yehuwah, yen ora bakal
menehake anakku wadon marang para wong
iku dadi somahe.” 8 Mulane padha ngucap:
“Panunggalane taler Israel apa ana kang
ora melu seba marang ing ngarsane Sang
yehuwah ana ing Mizpa?” Lah ing kono banjur
kasumurupan, manawa wong ing Yabesy-
Gilead iku ora ana wong siji-sijia kang nekani
ing pakemahan ing pasamuwan iku. 9 Cacahe
bangsa banjur katiti-priksa, lah ora ana wong
siji-sijia saka ing Yabesy-Gilead. 10 Pasamuwan
tumuli nglakokake bala rolas ewu mrana,
panunggalane para wong kang gagah prakosa,
sarta padha diwekas mangkene: “Padha
budhala, wong ing Yabesy-Gilead padha
tumpesen klawan landheping pedhang, dalah
wong wadon lan bocah-bocahe. 11 Nanging
tumindakmu mangkenea: sakehing wong
lanang lan wong wadon kang wis tau ngalami
tunggal turu, iku padha tumpesen.” 12 Anadene
panunggalane wong ing yabesy-Gilead tinemu
ana bocahe wadon patang atus kang padha
isih prawan, kang durung tau tunggal turu
karo wong lanang, iku padha digawa menyang
pakemahan ing Silo, kang kaprenah ana ing
tanah Kanaan.

13 Sawuse mangkono wong saumat kabeh
tumuli kongkonan ngandhani bani Benyamin
kang ana ing gunung parang Rimon, sarta
padha diajak bedhami. 14 Ing nalika iku suku

Benyamin banjur bali, sarta padha diwenehi
wong wadon kang padha diuripi panunggalane
wong wadon ing Yabesy-Gilead, ewadene
cacahe durung nyukupi kanggo wong-wong
mau. 15 Bangsa iku mesakake marang taler
Benyamin, amarga Sang Yehuwah ndadosake
gempale taler Israel.
16 Sawuse mangkono para tetuwane
pasamuwan tumuli padha duwe pangucap:
“Kapriye patrap kita nggolekake jodho wong
kang isih kari urip iki? Amarga wong wadon
ing antarane bani Benyamin wis padha sirna.”
17 Apa maneh pangucape: “Tanah-pusaka
warisane wong-wong kang padha oncat iku
tetepa dadi darbeke taler Benyamin, supaya
aja nganti ana taler kang ilang saka ing
antarane wong Israel. 18 Nanging mungguh
aku iki padha ora kena menehake rabi anakku
dhewe, amarga wong Israel wus padha
sumpah mangkene: Kenaa ing ipat-ipat sapa
kang menehi bojo marang wong Benyamin.”
19 Ing kono banjur ana kang duwe rembug
mangkene: “Lah saben taun ing Silo rak
ana pahargyan riyaya sumaos marang Sang
Yehuwah ana ing salore Betel, sawetane dalan
gedhe saka Betel menyang ing Sikhem lan ig
sakidule Lebona.” 20 Wong bani Bwenyamin
tumuli padha diwekas mangkene: “Kowe
padha lungaa, nyegata ana ing pakebonan
anggur. 21 Padha ngawasna temenan; manawa
prawan-prawan ing Silo padha metu jejogedan,
kowe nuli padha metua saka ing pakebonan
anggur mau, lan siji-sijine panunggalanmu

nggondhola prawan ing Silo siji dadia bojomu
lan padha menyanga ing tanah Benyamin.
22 Saupama bapakne utawa sadulure prawan
mau padha njaluk adil marang aku, tumuli
bakal padha dakkandhani: Bok iku padha
wenehna marang aku kalawan lega-lila ta,
amarga ing sajroning perang kita ora bisa
nyekel wong wadon minangka jodhone, rak
dudu kowe kang ngwenehake prawan-prawan
iku marang wong-wong iku; sabab manawa
mangkono, kowe padha kaluputan.” 23 Bani
Benyamin dadine padha nglakoni mangkono;
padha oleh bojo miturut ananing cacahe,
kang karampas saka panunggalane prawan
kang padha jejogedan; tumuli padha bali
menyang ing tanah-pusakane lan kuthane
padha dibangun maneh lan dienggoni.

24 Ing wektu samana wong Israel banjur
padha budhalan saka ing kono, padha
mulih sowang-sowangan menyang ing
wewengkoning talere lan gotrahe dhewe-
dhewe; dadine padha budhalan saka ing kono
menyang ing tanah-pusakane.

25 Dhek jaman samana ing Israel ora ana
ratune; angger wong nindakake apa kang
dianggep bener manut panemune dhewe.

RUT

Rut lan Naomi

1:1-22

1 [1] Nalika jumenenge para hakim tanah
Israel nuju kambah ing pailan. Banjur ana
sawijining wong ing Betlehem- Yehuda kang
lunga neneka ana ing ngarene tanah Moab
karo somahe lan anake lanang loro. [2] Wong
mau jenenge Elimelekh, somahe jenenge
Naomi lan anake loro jenenge Makhlon lan
Khilyon, padha wong Efrata, saka ing Betlehem
-- Yehuda; satekane ing tlatah Moab, banjur
padha manggon ana ing kono. [3] Wasana
Elimelekh, somahe Naomi tinggal donya, dadi
Naomi kari karo anake loro. [4] Anake loro mau
padha omah-omah oleh wong Moab, jenenge
kang siji Orpa, sijine Rut; pamanggone ana ing
kono suwene watara sepuluh taun. [5] Makhlon
lan Khilyon sakarone uga padha tinggal donya,
dadine wong wadon iku kelangan anake loro
lan bojone. [6] Naomi nuli mangkat kanthi
mantune arep mulih saka ing tanah Moab,
amarga ing tanah Moab kono dheweke oleh
warta, yen Sang Yehuwah wus nuweni umate
kalawan diparingi pangan.

[7] Naomi banjur budhal saka papan
padunungane, kairingake mantune karo pisan.
Bareng ana ing dedalan arep mulih menyang

tanah Yehuda, 8 Naomi nuli kandha marang
mantune karo mau: “Wis padha balia mulih
menyang omahe mbokmu dhewe-dhewe, Sang
Yehuwah muga maringana kadarman marang
kowe dikaya kang wis dadi panggawemu
marang kang wis padha tinggal donya lan
marang aku; 9 Sang Yehuwah muga maringana
sih-kamurahan, kowe padha oleh pangayoman
siji-sijimu ana ing pamengkuning somah.”
Mantune nuli padha diambungi, nanging
banjur padha nangis sora 10 karo matur:
“Boten, kula sami badhe ndherek panjenengan
kondur murugi bangsa panjenengan.”
11 Nanging Naomi calathu: “Padha muliha
bae, dhuh anak-anakku, perlune apa kowe
padha melu aku? Aku rak wis ora bakal
duwe anak lanang maneh, kang lair saka
guwa-garbaku lan banjur dadi bojomu?
12 Padha muliha bae, dhuh anak-anakku,
wis padha mangkata, aku rak wis ketuwan
kanggo omah-omah. Saupama aku mosika:
aku isih duwe pangarep-arep, malah sanadyan
mengko bengi aku duwe bojo, 13 lan nganti
nglairake anak lanang pisan, apa iya kena kok
enteni nganti tumeka ing diwasane? Apa iya
marga saka iku kowe nahan-nahanake padha
ora omah-omah? Aja kaya mangkono ta, dhuh
anak-anakku! Kang dakrasakake iki rak luwih
pait banget katimbang karo kowe, dene astane
Sang Yehuwah nganti tumempuh marang aku
kaya mangkene.” 14 Mantune tumuli padha
nangis maneh kalawan swara sora, Orpa
banjur ngambung maratuwane lan pamitan,

nanging Rut kang isih nggondheli dheweke.
[15] Naomi tumuli calathu: “Lah kuwi pripeanmu
wis bali ngulihi bangsane lan para allahe, bok
kowe iya bali melu pripeanmu!” [16] Nanging
ature Rut: “Kula sampun panjenengan
peksa nilar panjenengan lajeng mantuk,
boten ndherek panjenengan, awit dhatenga
pundi kemawon purug panjenengan, kula
inggih badhe ndherekaken, sarta wontena
ing pundi kemawon anggen panjenengan
nyare, kula inggih badhe ndherek sipeng.
Bangsa panjenengan inggih bangsa kula,
sarta Gusti Allah panjenengan inggih Gusti
Allah kula; [17] wontena pundi kemawon anggen
panjenengan seda, kula inggih badhe ndherek
pejah wonten ing ngriku, sarta wonten
ing ngriku anggen kula kakubur. Pangeran
Yehuwah mugi maringana paukuman dhateng
kula, malah langkung saking punika, saupami
kula ngantosa pisah kaliyan panjenengan,
kejawi manawi pejah.” [18] Bareng Naomi weruh
yen wis kenceng niyate Rut nedya arep melu,
banjur kandheg anggone ngandhani. [19] Lan
sakarone nuli padha mbanjurake lakune nganti
tekan ing Betlehem. Bareng padha lumebu
ing Betlehem, wong sakutha kabeh padha
gumeder rame marga saka wong loro iku
lan para wong wadon padha ngucap: “Apa
iku Naomi?” [20] Nanging calathune Naomi
marang wong-wong mau: “aku bok aja
kokarani Naomi, aranana Mara, amarga kang
Mahakuwasa ngganjar pait-getir marang
aku. [21] Lungaku kalawan mubra-mubru,

nanging baliku wus didamel legeh dening Sang
Yehuwah. Yagene aku kokarani Naomi, dene
Sang Yehuwah wus dadi seksi nglawan aku lan
kang Mahakuwasa wus ndhatengake cilaka
marang aku.” 22 Kaya mangkono ulihe Naomi
karo Rut wong Moab, mantune, kang melu bali
saka ing tanah Moab. Lan tekane ig Betlehem
pinuju ing mangsa wiwitane panen sair.

Rut ketemu karo Boas

2:1-23

2 1 Naomi mau duwe sanak saka bojone,
kang sugih brewu, panunggalaning
kulawangsane Elimelekh, jenenge Boas.
2 Rut wong Moab mau matur marang
Naomi: “Kula badhe kesah dhateng ing
pategilan, ngasag-asag wewulen wonten ing
sawingkingipun tiyang ingkang welas dhateng
kula.” Wangsulane Naomi: “Iya mangkata,
engger.” 3 Rut banjur mangkat la satekane
ing pategalan tumuli ngasag-asag sair ana
ing saburine wong kang derep; kabeneran
ana ing bumi kang klebu kagungane Boas,
panunggalaning kulawangsane Elimelekh.
4 Kabeneran Boas teka saka ing Betlehem.
Pangandikane marang kang padha derep:
“Pangeran Yehuwah muga nunggila karo
kowe.” Wangsulane wong kang padha derep:
“Pangeran Yehuwah mugi mberkahana
panjenengan.” 5 Boas banjur ngandika marang
abdine kang ngulat-ulatake wong kang padha
derep: “Wong wadon iku saka ngendi?” 6 Abdi

kang mandhori wong derep mangsuli, ature:
“Punika tiyang estri bangsa Moab ingkang
tumut mantuk kaliyan Naomi saking ing tanah
Moab. 7 Kala wau wicantenipun makaten:
Kula kelilana ngasag-asag lan nglempakaken
sair ing sela-selanipun bentelan-bentelan, ing
sawingkingipun tiyang derep. Wiwit dhateng
kala wau enjing ngantos dumugi sapunika,
terus ibut kemawon, saha sakedhap kemawon
boten ngaso.”
8 Boas banjur kandha marang Rut: “Rungokna
dhisik, engger! Ora susah kowe ngasag-asag
ana ing pategalan liyane, lan ora susah kowe
lunga saka kene, nanging tetep cedhaka
karo batur-baturku wadon. 9 Delengen bae
pategalan kang lagi diderepi wong iku.
Ngetutna lakune wong wadon iku ana ing
saburine. Amarga aku wus prentah marang
batur-batur lanang, aja ana kang ngarubiru
kowe. Manawa ngelak, menyanga ing genthong
lan ngombea kang wis diangsu dening para
batur.” 10 Rut tumuli sujud nyembah raine
konjem ing bumi sarta matur: “Margi saking
punapa dene kula manggih kawelasan wonten
ing ngarsa panjenengan, kok panjenengan
ngantos nggatosaken dhateng kula, tiyang
sanes bangsa?” 11 Boas mangsuli: “Satemene
aku wis diwartani apa sapanggawemu marang
maratuwamu ing samatine bojomu; anggonmu
ninggal bapa-biyungmu lan tanah kelairanmu,
marani bangsa kang ora koktepungi ing
maune. 12 Sang Yehuwah muga karsaa paring
piwales marang panggawemu iku, muga

Sang Yehuwah, Gusti Allahe Israel, kang
wus kokungseni ing ayoming swiwine iku
karsaa maringi pituwas marang kowe kang
satimbang.” 13 Rut banjur matur: “Dhuh
bendara, kula saestu tampi sihpiwelas wonten
ing ngarsa panjenengan, awit panjenengan
sampun karsa paring panglipur dhateng
kula, sarta sampun nentremaken manahipun
ingkang abdi sanadyan kula punika boten
sami kaliyan para abdi panjenengan estri.”
14 Bareng tumeka wayahe wong mangan,
Rut tumuli dikandhani dening Boas: “Majua
mrene, melua mangan roti lan pulukanmu
celupna ing cokak iki.” Rut dadine banjur
lungguh ana ing sandhinge para wong derep,
lan diulungi emping gandum gorengan dening
Boas; anggone mangan nganti wareg, malah
ana sisane. 15 Bareng Rut ngadeg arep
ngasag maneh, Boas banjur prentah marang
bature, pangucape: “Kareben ngasag ana
ing sela-selane bentelan-bentelan uga, aja
kokalang-alangi. 16 Malah kang tekeman
terkadhang iya unusen sawetara, runtuhna,
banjur tinggalen, kareben dikukupi, aja
kokkasari.” 17 Pangasage Rut ana ing pategalan
kono nganti tumeka ing wayah sore, dene
asagane bareng diirigi oleh sair watara saefa.
18 Iku banjur dikukup sarta lumebu ing
kutha. Bareng asagane dituduhake marang
maratuwane, apadene sisane anggone mangan
diwetokake lan diwenehake marang dheweke,
19 banjur ditakoni dening maratuwane:
“Ana ing ngendi anggonmu ngasag sadina

iki lan anggonmu nyambut-gawe ana ing
ngendi? Kaberkahana wong kang nggatekake
kowe iku.” Rut banjur nyritakake marang
maratuwane anggone nyambut-gawe iku ana
ing panggonane sapa, pangucape: “Ingkang
kula dhereki nyambut-damel ing dinten punika
asmanipun Boas.” 20 Sawuse mangkono Naomi
kandha marang mantune: “Wong iku muga
kaberkahana dening Sang Yehuwah, kang
karsa ngatingalake sih-kamirahane marang
kang isih urip, sarta kang wis padha mati.”
Sarta maneh calathune Naomi marang Rut:
“Wong iku isih kaprenah sanak karo kita,
iku panunggalane kang wajib nebus kita.”
21 Rut wong Moab tumuli matur: “Malah inggih
wonten dhawuhipun dhateng kula makaten:
Kowe tetepa ngetutake batur-baturku bae,
nganti tumeka sarampunge panenanku
kabeh.” 22 Pangucape Naomi marang Rut,
mantune: “Prayogane, anakku engger,
lungamu bareng karo batur-bature wadon,
aja nganti kowe digodha dening wong ing
pategalan kono.” 23 Kaya mangkono Rut
ora pisah-pisah karo batur-bature wadon
Boas anggone ngasag-asag, nganti tumeka
salebaring panen sair lan gandum, lan
sasuwene iku dheweke manggon nunggal karo
maratuwane.

Rut lan Boas ana ing panuton

3:1-18

3 [1] Rut banjur dikandhani dening Naomi
maratuwane: “He anakku engger, apa
ora prayoga aku nggolekake pangayoman
kowe, murih kabegjanmu? [2] Lah Boas kang
kaprenah sanak karo kita, kang bature wadon
padha kokkancani, iku kabeneran mengko
bengi napeni sair ana ing panuton; [3] mulane
kowe adusa lan nganggoa lenga jebad sarta
nganggoa sandhanganmu kang apik, banjur
menyanga ing panuton kono. Mung bae aja
nganti konangan wonge, sadurunge dheweke
bakda mangan lan ngombe. [4] Sawuse dheweke
mapan turu, titenana anggone mapan turu ana
ing ngendi, endang lumebua, kemuling sikile
ungkabana lan teturona. Ing kono kowe bakal
dikandhani apa kang kudu koklakoni.” [5] Ature
Rut marang Naomi: “Punapa sapangandika
panjenengan badhe kula lampahi sadaya.”
[6] Sawuse mangkono Rut banjur marani
panuton sarta nglakoni apa saprentahe
maratuwane kabeh. [7] Bareng Boas wus
rampung anggone dhahar lan ngunjuk sarta
panggalihe rena, tumuli mapan sare ana ing
pojokane tumpukan sair. Rut banjur alon-alon
lumebu, ngungkabi singebing sampeyane Boas
sarta teturon ana ing kono.
[8] Bareng ing wayah tengah wengi Boas
wungu kalawan kejot, nuli nggrayangi ing
sakiwa tengene, lah kok ana wong wadon

teturon ing sandhing sampeyane. 9 Pangucape
Boas: “Sapa kowe iku?” Ature kang kasapa:
“Kula punika ingkang abdi Rut; panjenengan
mugi karsaa ngegaraken swiwi panjenengan
saha ngayomi dhateng ingkang abdi, amargi
panjenengan ingkang wajib nebus kula.”
10 Pangucape Boas: “He anakku engger!
Kowe binerkahana dening Sang Yehuwah.
Katresnanmu kang saiki iki ngluwihi kang
dhisik, amarga kang koktutburi dudu wong
nom-noman kang miskin utawa kang sugih.
11 Lah saikine, anakku engger, aja sumelang
atimu; kabeh kang kokaturake iku bakal
daktindakake tumrap ing kowe; amarga saben
wong ing kutha kene ngreti, manawa kowe
iku wong wadon kang becik. 12 Lah saikine,
pancen aku salah sawijining sanak, kang
wajib nebus, nanging sanadyan mangkono,
isih ana liyane maneh kang wajib nebus kang
luwih cedhak katimbang aku. 13 Wis nginepa
ana ing kene ing sawengi iki, dene sesuk
manawa dheweke gelem debus, iya prayoga
kareben nebus, nanging yen ora seneng nebus
awakmu, aku kang bakal nebus kowe, demi
Sang Yehuwah agesang. Wis turua bae nganti
tumeka ing wayah esuk.” 14 Rut banjur mapan
turu ana ing sandhinge sikile Boas nganti
tumeka ing wayah esuk; tangine ing wayah
sadurunge wong bisa cetha ndeleng marang
wong liyane, awit pangucape Boas: “Aja
nganti kaweruhan, yen ana wong wadon teka
ing panuton.” 15 Karo maneh pangandikane:
“Slendhang kang kokanggo iku tadhahna!”

Tumuli ditadhahake, Boas banjur naker sair
nem taker, diesokake ing slendhang mau.
Sawuse iku Boas banjur menyang kutha.
16 Satekane ing omahe maratuwane Rut
ditakoni: “Kapriye, he anakku engger?” Rut
tumuli nyaritakake marang maratuwane apa
sapanggawene wong iku marang dheweke,
17 sarta maneh ature: “Sair nem taker
punika dipun paringaken dhateng kula,
awit pangandikanipun: Aja nganti legeh
anggonmu ngulihi maratuwamu.” 18 Calathune
maratuwane: “Wis entenana bae, anakku
engger, nganti tumekane kowe ngreti kapriye
wusanane prakara iku, amarga wong iku
mesthi bakal ora leren-leren, yen durung
ngrampungake prakara iku ing dina iki.”

Rut dadi bojone Boas

4:1-17

4 1 Boas wus minggah menyang ing gapura,
banjur lenggah ana ing kono. Kabeneran
wong kang wajib nebus kang diucapake
Boas pinuju liwat. Boas banjur ngaruh-aruhi:
“Lah ki sanak, sumangga panjenengan
lenggah ing ngriki!” Kang diaruh-aruhi tumuli
mara lungguh. 2 Boas banjur ngajak para
tetuwaning kutha wong sapuluh, tembunge:
“Sumangga, panjenengan sami lenggaha ing
ngriki!” Tumuli padha lungguh. 3 Calathune
Boas marang kang wajib nebus mau: “Siti
tilaranipun sadherek kita Elimelekh punika
dipun tawekaken Naomi ingkang mentas

mantuk saking tanah Moab. 4 Kula lajeng
manah: prayogi ugi bab punika kula aturaken
dhateng panjenengan makaten: Sumangga
siti punika panjenengan pundhut wonten ing
ngarsanipun para sadherek ingkang sami
lenggahan punika saha para sesepuhipun
bangsa kita. Manawi panjenengan ingkang
badhe nebus, sumangga panjenengan tebus;
manawi panjenengan boten karsa nebus,
sumangga kula panjenengan paringi sumerep,
supados kula ngretos, amargi boten wonten
ingkang wajib nebus kajawi panjenengan, lan
sasampunipun panjenengan: kula.” Pangucape
kang ditari: “Inggih kula ingkang badhe
nebus.” 5 Nanging Boas calathu maneh: “Siti
wau manawi panjenengan pundhut saking
tanganipun Naomi, dados Rut tiyang estri
Moab, randhanipun ingkang sampun tilar
donya kedah panjenengan pundhut, supados
nggesangaken malih namanipun ingkang
sampun pejah tumrap siti pusakanipun.”
6 Kang wajib nebus banjur calathu: “Manawi
makaten kula boten saged nebus, amargi
badhe ngrisakaken siti pusaka kula piyambak.
Pangajeng-ajeng kula, mugi panjenengan
karsa nebus ingkang pancenipun kedah kula
tebus, amargi kula boten saged nebus.”
7 Dhek jaman kuna manawa ing tanah Israel
ana wong nebus utawa ngliyakake, supaya
ndadekna tetepe sadhengah prakara, iku
adate mangkene: Wonge nyopot trumpahe
lan ditampakake marang lawanane. Mangkono
carane wong ngabsahake prakara ana ing

Israel. 8 Kang wajib nebus mau banjur kandha
marang Boas: “Sumangga panjenengan
pundhut kagem panjenengan piyambak.”
Lan trumpahe ditinggal. 9 Boas tumuli
kandha marang para tetuwane lan marang
wong akeh: “Panjenengan sadaya sami
dados seksi ing dinten punika, bilih kula
numbas samukawis tilaranipun Khilyon
kaliyan Makhlon, panumbas kula saking
tanganipun Naomi; 10 makaten ugi Rut tiyang
Moab, randhanipun Makhlon punika inggih
kula pendhet dados semah kula, supados
nggesangna malih namanipun ingkang sampun
tilar tumrap ing siti pusakanipun. Kalayan
makaten namanipun tiyang punika boten sirna
saking gelenganing kulawangsanipun saha
saking warga kithanipun. Panjenengan sami
dadosa seksi ing dinten punika.” 11 Sakehing
wong kang ana ing gapura dalah para pinituwa
banjur padha ngucap: “Inggih kula sami
dados seksi, Sang Yehuwah mugi karsaa
ngganjar dhateng tiyang estri ingkang badhe
manggen wonten ing dalem panjenengan
punika, kadadosna sami kaliyan Rakhel
tuwin Lea, ingkang kalih-kalihipun sampun
sami mbangun umat Israel, panjenengan
dipun santosa wonten ing Efrata saha
asma panjenengan misuwura wonten ing
Betlehem. 12 Tedhak-turun panjenengan samia
kados tedhakipun Rama Peres, putranipun
Rama Yehuda ingkang patutan saking Ibu
Tamar, lantaran para putra ingkang badhe

kaparingaken Yehuwah dhateng panjenengan
patutan kaliyan tiyang estri nem punika!”
13 Boas tumuli ngalap Rut dadi bojone sarta
banjur dicedhaki. Sang Yehuwah iya nuli
paring kamirahan marang Rut, temah bisa
ngandheg sarta duwe anak lanang. 14 Mulane
para wong wadon padha ngucap marang
Naomi: “Pinujia Sang Yehuwah, dene ing
dinten punika kanthi legawaning panggalih
maringi juru panebus dhateng panjenengan,
mugi namanipun dadosa misuwur wonten ing
Israel. 15 Lan piyambakipun ingkang badhe
nglejaraken panggalih panjenengan saha
ngopeni panjenengan ing wekdal panjenengan
sampun uwanen, amargi mantu panjenengan
ingkang tresna dhateng panjenengan sampun
nglairaken jabang bayi, ingkang aosipun
nglangkungi anak jaler pitu.” 16 Naomi
banjur nyandhak bayi mau, dipangku sarta
digula-wenthah. 17 Lan tangga teparone wadon
tumuli padha aweh jeneng marang bayi mau,
pangucape: “Naomi wus kaparingan anak
lanang.” Bayi mau nuli dijenengake Obed.
Yaiku ramane Isai, ramane Sang Prabu Dawud.

Sarasilahe Sang Prabu Dawud

4:18-22

18 Iki para tedhake Rama Peres, Peres peputra
Hezron. 19 Rama Hezron peputra Aminadab,
20 Rama Aminadab peputra Nahason, Rama
Nahason peputra Salmon, 21 Rama Salmon
peputra Boas, Rama Boas peputra Obed,

22 Rama Obed peputra Isai, lan Rama Isai
peputra Sang Prabu Dawud.

1 SAMUEL

Miyose Nabi Samuel

1:1-28

1 [1] Ana sawijining wong ing Ramataim-Zofim,
ing pagunungan Efraim, jenenge Elkana
bin Yeroham bin Elihu bin Tokhu bin Zuf,
wong Efraim. [2] Elkana iku bojone loro: kang
siji jenenge Hana, sijine Penina. Penina iku
anak-anak, nanging Hana ora. [3] Wong iku
saben taun lelungan saka ing kuthane arep
munggah manembah lan saos kurban marang
Sang Yehuwah, Gustining sarwa dumadi ing
Silo. Kang dadi imaming Sang Yehuwah ana
ing kono yaiku putrane Imam Eli, Hofni lan
Pinehas.
[4] Nuju ing sawijining dina Elkana saos kurban,
Penina bojone, anak-anake lanang-wadon
padha diwenehi saduman. [5] Sanadyan Hana
dikasihi, uga mung oleh saduman, awit Sang
Yehuwah ora maringi anak marang dheweke.
[6] Nanging marune tansah nglarakake atine
kareben nepsu, amarga Sang Yehuwah nutup
guwagarbane. [7] Kaya mengkono kang kelakon
saben taun, saben Hana munggah menyang
ing padalemane Sang Yehuwah, Penina
nglarakake atine, Hana temah nangis lan
emoh mangan. [8] Elkana, somahe nuli mituturi
mangkene: "Hana, yagene kowe nangis lan

apa sebabe kowe emoh mangan? Ajine awakku
apa ora ngungkuli anak lanang sepuluh?”
9 Nuju ing sawijining dina sabubare padha
mangan lan ngombe ana ing Silo, Hana banjur
ngadeg, nalika Imam Eli pinuju lenggah
ana ing kursi sandhing pipining lawang
ing padalemane suci Sang Yehuwah, 10 lan
kalawan ati kang sedhih Hana nyenyuwun
marang Sang Yehuwah, kambi nangis
senggrak-senggruk. 11 Banjur nglairake ujar,
unjuke: “Dhuh Sang Yehuwah, Gustining sarwa
dumadi, manawi Paduka nggalih dhateng
karibedanipun abdi Paduka lan karsa ngengeti
kawula saha boten kasupen dhateng abdi
Paduka, nanging maringi anak jaler dhateng
abdi Paduka punika, kawula badhe ngaturaken
lare punika dhateng Sang Yehuwah sajeging
gesangipun saha sirahipun boten badhe
kagepok ing lading panyukuran.” 12 Nalika
wong wadon iku ngganter ndedonga ana ing
ngarsane Sang Yehuwah, Imam Eli namatake
cangkeme wong wadon iku, 13 lan sarehne
Hana anggone ngucap iku sajroning atine,
tuwin mung lambene bae kang umak-umik
lan ora keprungu suwarane, Imam Eli ngira
manawa wong iku mendem. 14 Imam Eli
banjur ngandika: “Nganti sapira suwene
anggonmu tumindak kaya wong mendem?
Maria anggonmu mendem!” 15 Nanging
Hana mangsuli: “Boten dhuh Rama, kula
satunggiling tiyang estri ingkang saweg
nandhang sisah sanget; kula boten ngombe
anggur utawi minuman ingkang mendemi,

nanging ngesokaken isining manah kawula
wonten ing ngarsanipun Sang Yehuwah.
16 Sampun nganggep abdi panjenengan punika
tiyang estri awon, margi saking sangeting
bebeg saha sakiting manah kula ngantos
wicanten dangu makaten.” 17 Wangsulane
Imam Eli: “Mundura kanthi tentrem rahayu,
lan muga-muga Gusti Allahe Israel minangkani
panyuwunmu.” 18 Sawuse iku wong wadon
mau matur: “Mugi abdi panjenengan angsala
sih piwelas wonten ing ngarsa panjenengan.”
Wong wadon mau tumuli metu, banjur gelem
mangan lan ulate ora suntrut maneh.
19 Esuke wayah umun-umun padha tangi nuli
manembah ana ing ngarsane Sang Yehuwah,
wasana banjur padha bali mulih menyang
ing Rama. Nalika Elkana nunggal turu karo
Hana, bojone, diengeti dening Sang Yehuwah.
20 Sawuse setaun Hana ngandhut lan nglairake
bayi lanang, kang dijenengake Samuel,
amarga pangucape: “Iku olehku nyuwun
marang Sang Yehuwah.”
21 Elkana, kang lanang mau, nuli munggah
dalah sakulawargane nyaosake kurban
sembelehan taunan lan ngluwari nadare
marang Sang Yehuwah. 22 Nanging Hana
ora melu, awit pangucape marang kang
lanang: “Benjing manawi larenipun sampun
kasapih, kula badhe ngeteraken piyambak,
dene lare punika sageda ngadhep wonten
ing ngarsanipun Sang Yehuwah lan tetepa
wonten ing ngrika ing sajegipun gesang.”
23 Wangsulane Elkana bojone, marang Hana:

“Lakonana apa kang kokanggep becik, asoa
ing omah bae nganti anakmu koksapih; Sang
Yehuwah muga netepana ing prasetyane.”
Dadine wong wadon iku kari ana ing omah
lan nusoni anake, nganti tumeka wayahe
disapih. 24 Sawuse wong wadon iku nyapih
anake, anake iku banjur diajak, kanthi
nggawa sapi lanang kang umur telung taun,
glepung saefa, lan anggur saimpes, iku
banjur disaosake menyang ing padalemane
Sang Yehuwah, ing Silo. Ing wektu semana
bocahe isih cilik banget. 25 Sapine banjur
disembeleh lan bocahe nuli disaosake marang
ing ngarsane Imam Eli. 26 Ature Hana: “Kula
nuwun Rama, kula keparenga matur, demi
kasungengan panjenengan, kula punika tiyang
estri ingkang kala rumiyin ngadhep wonten
ing ngarsa panjenengan ngriki nyenyuwun
dhumateng Sang Yehuwah. 27 Ingkang kula
suwun inggih lare punika, dene Sang Yehuwah
sampun nyembadani panyuwun kula dhateng
Panjenenganipun. 28 Pramila lare punika kula
saosaken dhateng Sang Yehuwah; sajegipun
gesang mangsa boronga Sang Yehuwah.”
Tumuli padha sujud manembah marang Sang
Yehuwah ana ing kono.

Kidung pepujiane Hana

2:1-10

2 1 Hana banjur ndedonga, unjuke:
“Manah kawula abingah-bingah margi
Sang Yehuwah,

singating karosan kawula linuhuraken
dening Sang Yehuwah;
cangkem kawula ngolok-olok satru kawula,
awit kawula asuka-rena margi saking
pitulungan Paduka.
2 Boten wonten ingkang sucinipun nyameni
Paduka,
margi boten wonten sanesipun kejawi
Paduka,
lan boten wonten redi parang ingkang
kados Gusti Allah kawula.
3 Kowe aja tansah umuk-umukan,
aja ana panyenyamah kang kawetu saka
ing cangkemmu.
Amarga Sang Yehuwah iku Gusti Allah kang
mahawikan,
lan kabeh panggawemu dinadar ing
Panjenengane.
4 Gandhewane para prawira wis putung,
nanging para wong kang gloyoran
lambunge disingseti klawan karosan.
5 Sing sapa wareg dhisik, saiki bakal buruh
golek pangan,
nanging wong kang luwe dhisik, saiki bisa
ngaso.
Malah wong kang gabug, nglairake anak pitu,
nanging wong kang sugih anak, dadi loyo.
6 Sang Yehuwah iku ngganjar pati-urip,
Panjenengane nyemplungake wong
marang ing jagade wong mati lan
ngentas saka ing kono.
7 Sang Yehuwah paring mlarat lan sugih,

Panjenengane ngesorake lan ngunggulake
uga.
8 Panjenengane njunjung wong asor saka ing
lebu,
lan ngentas wong mlarat saka ing
blethokan,
kalungguhane jajar karo para bangsa luhur,
lan ndadekake dheweke oleh kalungguhan
kang mulya.
Amarga Sang Yehuwah kagungan dhasaring
bumi;
lan Panjenengane mrenahake dharatan
ana ing dhuwure.
9 Jangkahe wong kang kinasihan diayomi,
nanging wong duraka bakal mati lebur ana
ing pepeteng.
Amarga panguwasaning wong ora saka
karosane dhewe.
10 Wong kang bebantahan kalawan Sang
Yehuwah bakal padha disirnakake;
padha didadekake gumeter dening
Panjenengane kalawan gludhug ing
langit.
Sang Yehuwah ngadili bumi nganti tekan ing
poncot-poncote;
Panjenengane maringi karosan marang
ratu kang dijumenengake,
lan ngunggulake sunguning karosane
wong kang dijebadi.”

Durakane para putrane Imam Eli

2:11-26

11 Elkana banjur mulih menyang Rama,
nanging bocahe ngabdi marang Sang Yehuwah,
diawat-awati Imam Eli.
12 Anadene putra-putrane Imam Eli iku padha
wong dursila, padha ora maelu marang Sang
Yehuwah, 13 utawa watesing wewenange para
imam tumrap para bangsa iku. Saben ana
wong nyaosake kurban sembelehan, nalika
daging mau diolah, bature imam nggawa
cukit kang cawang telu, 14 lan dijojohake
ing kenceng, kuwali, wajan utawa kendhil.
Apa kang katut ing cukit iku dadi darbeke
imam dhewe. Kaya mangkono panggawene
marang saben wong Israel, kang teka ana
ing Silo kono. 15 Malah sadurunge gajihe
diolah, bature imam iku teka lan kandha
marang kang saos kurban: "Ngaturana
daging marang imam, arep dipanggang,
amarga karsane mundhut daging kang
durung diolah, mung kang mentah bae."
16 Manawa diwangsuli: "Gajihipun rak kedah
dipun panggang rumuyin, manawi sampun
sumangga mendheta sakajeng sampeyan,"
batur mau tumuli mangsuli: "Saiki uga kudu
kokulungake, yen ora, bakal dakrebut." 17 Dadi
dosane wong anom loro iku gedhe banget ana
ing ngarsane Sang Yehuwah, amarga banget
nyepelekakake kurban, kang katur marang Sang
Yehuwah.

[18] Anadene Samuel ngabdi ana ing ngarsane
Sang Yehuwah; Samuel iku isih bocah, kang
asabuk efod lena. [19] Saben taun embokne
nggawekake jubah cilik lan digawa diwenehake
marang Samuel, manawa melu bojone
munggah nyaosake kurban sembelehan
taunan. [20] Imam Eli banjur paring berkah
marang Elkana sarta rabine, pangandikane:
"Muga-muga Sang Yehuwah maringi turun
marang kowe saka wong wadon iki, minangka
lirune kang wis kasaosake marang Sang
Yehuwah." Sawuse iku padha bali mulih
menyang ing padunungane. [21] Lan Sang
Yehuwah nggalih marang Hana, satemah
ngandhut lan nglairake anak lanang telu lan
wadon loro maneh. Ing wektu samana wong
anom Samuel saya mundhak gedhe ana ing
ngarsane Sang Yehuwah.
[22] Imam Eli wis sepuh banget. Manawa
mireng pawarta mungguh apa-apa kang
ditindakake putra-putrane tumrap sakehing
wong Israel lan padha ngemori turu para
wong wadon kang ngladeni ana ing ngarep
lawanging Kemah Pasewakan, [23] banjur padha
dipangandikani: "Yagene kowe padha nglakoni
prakara kang kaya mangkono temah aku
krungu saka wong sabangsa kabeh, mumgguh
panggawemu kang ala iku. [24] Aja mangkono,
dhuh anakku angger. Kang dakrungu iku dudu
kabar kang becik, yaiku manawa kowe padha
njalari umate Sang Yehuwah padha nerak
angger-angger. [25] Manawa ana sawijining
wong, kang duwe kaluputan marang wong

liyane, Gusti Allah kang bakal ngadili, nanging manawa ana sawijining wong kang nglakoni dosa marang Sang Yehuwah, sapa kang bakal dadi pantarane?” Nanging pituture ramane iku ora dipaelu, amarga Sang Yehuwah arep mateni para wong iku.
26 Nanging wong anom Samuel sangsaya gedhe sangsaya wuwuh oleh sih iya ana ing ngarsane Sang Yehuwah, lan ana ngareping manungsa.

Pameca tumrap Imam Eli sakulawargane

2:27-36

27 Ana sawijining abdine Gusti Allah kang marani Imam Eli lan ngemban pangandika mangkene: “Makaten pangandikanipun Sang Yehuwah: Ingsun rak wus ngatingal marang para leluhurira kalawan nyata-nyata, nalika isih padha ana ing tanah Mesir lan kaereh
dening darahe Pringon? 28 Lan Ingsun wus miji
saka ing antarane taler Israel kabeh dadi imam kagem Ingsun, supaya saos kurban ana ing misbyahingSun, ngobong dupa lan manganggo efod ana ing ngarsaningSun; golonganira wus Sunpasrahi sakehing kurbane genenan
wong Israel. 29 Geneya sira tumindak kethaha
marang kurban sembelehan lan kurban dhaharaningSun, kang wus Sundhawuhake lan geneya anggonira ngajeni anak-anakira ngungkuli Ingsun, karo nglelemu awakira klawan perangan kang becik dhewe, saka sadhengahing kurbane dhaharan umatingSun

Israel? 30 Mulane -- makaten pangandikanipun
Sang Yehuwah, Gusti Allahipun Israel -- lah
Ingsun wus paring prajanji: Kulawarganira lan
golonganira bakal urip ana ing ngarsaningSun
ing salawase, nanging saiki -- makaten
pangandikanipun Sang Yehuwah --: prakara
iku adoh banget saka Ingsun! Amarga sapa
kang ngajeni Ingsun, bakal Sunajeni, nanging
sing sapa ngremehake Ingsun bakal inganggep
asor. 31 Lah bakal tumeka ing titimangsane,
manawa Ingsun bakal nyempal tanganing
karosanira, apadene tanganing kulawarganira,
temah ora ana wong siji-sijia kang nganti
kaki-kaki ing brayatira. 32 Dene sira bakal ora
seneng nyawang marang sakehing kabecikan
kang bakal Suntandukake marang Israel lan
ing kulawarganira ora bakal ana siji-sijia wong
kaki-kaki ing salawase. 33 Nanging ana siji saka
ing kulawarganira kang ora Sunsirnakake saka
ing misbyahingSun, kang bakal ndadekake
rusake mripatira lan nalangsaning nyawanira;
undhaking kulawarganira bakal padha mati
dening pedhanging mungsuh.

34 Iki kang bakal dadi pratandha tumrap sira,
yaiku apa kang bakal dialami anakira karo:
Hofni lan Pinehas bakal padha mati bareng
sadina. 35 Lah Ingsun bakal ngadegake Imam
kang kena dipracaya, kang lakune condhong
karo panggalihingSun, lan karo jiwaningSun,
lan Ingsun bakal nuwuhake turun kang setya
tuhu, temah iku bakal urip ana ing ngarepe
kang Sunjebadi. 36 Wasana saka turunira kang
isih urip bakal sujud ngabekti marang iku

nyuwun dhuwit salaka utawa roti sacuwil, lan bakal matur: Kula mugi panjenengan papanaken wonten ing salah satunggaling golongan imam punika, supados kula saged nedha roti sacuwil.”

Nabi Samuel katimbalan

3:1--4:1a

3 [1] Wong anom Samuel iku ngabdi marang
Sang Yehuwah, diawat-awati Imam Eli. Ing
nalika samana arang ana pangandikane Sang
Yehuwah, malah sanadyan wahyu iya mung
kala-kala anane.
[2] Nuju sawijining dina Imam Eli, kang tingale
wis lamur lan ora bisa mirsani cetha, pinuju
sarean ana ing pasareane. [3] Lampuning
padalemane Gusti Allah durung mati. Samuel
wis turu ana ing padalemane suci Sang
Yehuwah, papaning pethine Gusti Allah. [4] Sang
Yehuwah nuli nimbali: “Samuel, Samuel!” lan
Samuel matur: “Nuwun kula Rama!” [5] Samuel
banjur mlayu marani Imam Eli sarta matur:
“Nuwun kula, Rama, punapa Rama nimbali
kula?” Nanging Imam Eli ngandika: “Aku
ora ngundang, balia turu maneh!” Samuel
banjur bali turu. [6] Lan Sang Yehuwah nimbali
Samuel maneh. Samuel iya banjur tangi, nuli
marani Imam Eli sarta matur: “Nuwun kula,
Rama, punapa Rama nimbali kula?” Nanging
Imam Eli ngandika: “Aku ora ngundang, ngger
anakku, balia turu maneh!” [7] Samuel durung
wanuh karo Sang Yehuwah. Pangandikane

Sang Yehuwah durung tau kawedhar marang
Samuel. [8] Lan Sang Yehuwah nimbali Samuel
maneh, kang kaping telune. Samuel iya banjur
tangi nuli marani Imam Eli sarta matur:
“Nuwun kula, Rama, punapa Rama nimbali
kula?” Imam Eli banjur ngretos, manawa Sang
Yehuwah kang nimbali bocah iku. [9] Mulane
Imam Eli ngandika marang Samuel: “Mapana
turu maneh lan manawa kowe ditimbali,
matura mangkene: Dhuh Sang Yehuwah,
Paduka mugi karsaa ngandika, amargi abdi
Paduka punika mirengaken.” Samuel banjur
bali mapan turu maneh ana ing paturone.
[10] Sang Yehuwah banjur ngrawuhi jumeneng
ana ing kono lan nimbali kaya kang uwis-uwis:
“Samuel, Samuel!” Lan Samuel matur:
“Paduka mugi karsaa ngandika, amargi abdi
Paduka mirengaken.”

[11] Sang Yehuwah banjur ngandika marang
Samuel: “Wruhananira, Ingsun bakal
nindakake sawijining prakara ana ing Israel,
temah sadhengah wong kang krungu bakal
sumruweng kupinge karo pisan. [12] Ing dina
iku Ingsun netepi tumrap Eli, samubarang
kang Sunngandikakake bab kulawargane,
saka wiwitan tekan wekasan. [13] Ujer wus
Sundhawuhake yen Ingsun bakal ngukum
kulawargane ing salawas-lawase, amarga
saka dosa kang disumurupi, yaiku anggone
anak-anake nyawiyah Gusti Allah nanging
ora disrengeni. [14] Mulane Ingsun wus
supaos marang kulawargane Eli yen dosane
kulawargane ora bisa diruwat sarana kurban

sembelehan utawa kurban dhaharan nganti
ing salawas-lawase."
[15] Samuel anggone turu nganti tumeka esuk;
nuli ngengakake korining padalemane Sang
Yehuwah. Samuel pakewuh ngaturi pirsa bab
wahyu iku marang Imam Eli. [16] Nanging Imam
Eli nimbali Samuel, pangandikane: "Samuel
anakku." Wangsulane Samuel: "Nuwun kula
Rama." [17] Pangandikane Imam Eli: "Apa
kang kadhawuhake Sang Yehuwah marang
kowe? Aja kok sidhem marang aku. Kowe
diganjara paukuman dening Sang Yehuwah
mangkene lan diwuwuhana luwih akeh saka
iku, manawa kowe nyidhem satembung bae
apa kang dipangandikakake marang kowe."
[18] Samuel banjur ngaturi kabeh mau marang
Imam Eli, ora ana sawiji bae kang disidhem.
Imam Eli nuli ngandika: "Panjenengane iku
Sang Yehuwah, iya kelakona apa kang kagalih
prayoga."
[19] Samuel wis saya gedhe lan Sang Yehuwah
nunggil karo dheweke, ora ana pangandikane
siji bae kang ora kelakon. [20] Wong Israel kabeh
wiwit ing Dan tekan ing Bersyeba padha ngreti,
yen Samuel wus katetepake kalenggahane
dadi nabine Sang Yehuwah. [21] Lan sabanjure
Sang Yehuwah ngatingali marang Samuel ana
ing Silo srana pangandikane.

4 [1] Lan pangandikane Nabi Samuel
nyrambahi ing sawaratane tanah Israel.

Pethine Sang Yehuwah kabandhang

4:1b-22

(4-1b) Kacarita wong Israel mangsah perang
nglawan wong Filisti lan ngadegake kemah
ana ing sacedhake Eben-Haezer, lan wong
Filisti ana ing Afek. 2 Wong Filisti padha pacak
baris adu-arep karo wong Israel. Bareng
rame-ramene perang, bala Israel banjur
kagecak dening wong Filisti, kang njalari
tiwase watara wong patang ewu ana ing
satengahe peperangan iku. 3 Nalika wadyabala
iku bali menyang pakemahan, para tetuwane
Israel padha ngucap: "Yagene Sang Yehuwah
kok ndadekake aku padha kagecak kalah
dening wong Filisti ing dina iki? Payo padha
marani pethi prajanjiane Sang Yehuwah saka
ing Silo, supaya Panjenengane rawuh ing
tengah-tengah kita lan nguwalake kita saka
ing tanganing mungsuh kita." 4 Bangsa iku
nuli kongkonan wong menyang ing Silo, nuli
ngusung pethi prajanjiane Sang Yehuwah,
Gustining sarwa dumadi, kang lenggah
sadhuwuring kerub; putrane Imam Eli karo
pisan: Hofni lan Pinehas padha ngiring ana ing
sacedhake pethi prajanjiane Gusti Allah iku.
5 Satekane pethi prajanjiane Sang Yehuwah
ana ing pakemahan, sakehing wong Israel
padha surak-surak seru, nganti ngoregake
bumi. 6 Lan wong Filisti kang padha krungu
suraking wong mau padha ngucap: "Iki swara
apa ta kang sora ana ing pakemahane wong

Ibrani iku?” Bareng padha ngreti, yen pethine
Sang Yehuwah wus teka ing pakemahan,
7 temahan padha miris atine, awit pangucape:
“Gusti Allahe bangsa iku wis rawuh ana ing
pakemahan,” lan kawetu tembunge: “Bilai
kita, amarga sadurunge, durung tau kelakon
kang kaya mangkono iku. 8 Bilai kita! Sapa
kang nguwalake kita saka astane Gusti Allah
kang nggegirisi banget iku? Iku iya Gusti Allah
kang nggebagi wong Mesir srana wewelak
rupa-rupa ana ing pasamunan. 9 He wong
Filisti, ditatag atimu lan dilanang, supaya ora
dadi kawulane bangsa Ibrani iku, kaya dene
anggone wong-wong iku biyen padha ngawula
marang kowe. Tandangmu dilanang lan
mangsaha perang!” 10 Banjur padha mangsah
perang, temah wong Israel padha kasoran,
padha keplayu menyang ing pakemahane
dhewe-dhewe. Luwih dening banget anggone
kasoran. Wong Israel kang mati telung puluh
ewu, bala dharatan. 11 Apamaneh pethi
prajanjiane Gusti Allah dibandhang lan putrane
Imam Eli karo pisan, Imam Hofni lan Pinehas
padha tiwas.

12 Ana sawijining wong saka taler Benyamin
kang keplayu saka ing paprangan lan ing
dina iku uga tekan ing Silo kalawan nganggo
sandhangan rowak-rawek sarta sirahe
kawur-wuran lemah. 13 Satekane wong iku,
Imam Eli pinuju lenggah ing kursi ing pinggir
dalan ngadhang-andhang pawarta, panggalihe
tansah dheg-dhegan, jalaran saka pethine
Gusti Allah iku. Nalika wong iku lumebu ing

kutha lan ngandhakake pawarta iku, wong
sawarataning kutha kabeh padha nangis pating
jlerit.
14 Bareng Imam Eli mireng panangis
iku banjur ndangu: "Kang rame iku apa ta?"
Wong iku enggal marani Imam Eli lan ngaturi
uninga marang panjenengane.
15 Imam Eli iku
yuswane wus sangang puluh wolu taun lan
paningale wus lamur, temah ora bisa mirsa
maneh.
16 Ature wong mau marang Imam Eli: "Kula
keplajeng saking ing satengahing peperangan,
saweg ing dinten punika kula mlajeng saking
peperangan." Pandangune Imam Eli: "Kapriye
kaanane, ngger?"
17 Wangsulane kang nggawa
pawarta mau: "Bangsa Israel sami keplajeng
saking ngajengipun bangsa Filisti, rakyat ing
ngriki kasoran sanget, punapa dene putra
panjenengan kekalih: Imam Hofni lan Pinehas
sampun sami seda, sarta pethinipun Gusti
Allah dipun bandhang."
18 Nalika wong mau
matur bab pethine Sang Yehuwah, Imam Eli
banjur dhawah kelumah saka ing kursine
sandhing gapura, temah tugel janggane nuli
seda. Amarga wus sepuh tur lema sarirane.
Anggone jumeneng hakim lan mrentah wong
Israel lawase patang puluh taun.
19 Anadene putrane mantu, garwane Imam
Pinehas, wus mbobot sepuh. Bareng mireng
yen pethine Sang Yehuwah kena kabandhang
lan kang rama marasepuh, apadene kakunge
seda, banjur ndheprok, terus mbabar, amarga
dadakan nyakiti.
20 Nalika ndungkap seda,
para wong wadon kang padha ngadeg ing

sandhinge, padha matur: "Sampun sumelang,
amargi panjenengan sampun mbabar putra
kakung." Nanging wus ora sumaur lan ora
nggatosake. 21 Bayine dijenengake Ikabod,
pangucape: "Kaluhuran wus sumingkir saka
ing Israel" -- amarga pethine Sang Yehuwah
wus kabandhang lan marga saka marasepuh
lan kang kakung. 22 Pangucape: "Kaluhuran
wus sumingkir saka Israel, amarga pethine
Sang Yehuwah wus kabandhang."

Pethine Sang Yehuwah ana ing tengahe wong Filisti

5:1-12

5 1 Sawise wong Filisti ngrebut pethine
Gusti Allah, iku nuli diusung saka ing
Eben-Haezer menyang ing Asdod. 2 Wong Filisti
njupuk pethine Gusti Allah iku, dilebokake
ing kabuyutane Dhagon lan diprenahake ing
sandhinge Dhagon. 3 Esuke wayah bangun
wong ing Asdod padha tangi, lah Dhagon
tinemu gumluntung mengkureb ana ing lemah,
ing ngarepe pethine Sang Yehuwah; wong iku
nuli padha njunjung Dhagon dibalekake ing
panggonane. 4 Nanging nalika esuke padha
tangi, Dhagon katon tiba kerungkeb ana ing
sangarepe pethine Sang Yehuwah, nanging
endhase Dhagon lan tangane karo pisan pothol
lan mencelat tekan ing tlundhaging lawang,
mung gembunge kang isih kari. 5 Mulane
para imame Dhagon lan sakehing wong kang
lumebu ing kabuyutane Dhagon, ora wani

ngidak tlundhage lawang kabuyutane Dhagon
kang ana ing Asdod, nganti ing dina iki.
6 Astane Sang Yehuwah anteb banget
pameteke marang wong Asdod sarta gawe
bingunge wong-wong iku. Panjenengane
ngganjar lelara wudun marang wong-wong
iku, iya ing Asdod iya ing wewengkone.
7 Bareng dideleng dening wong ing Asdod,
yen mangkono kaanane, nuli padha ngucap:
“Pethine Gusti Allahe bangsa Israel aja nganti
tetep ana ing tengah kita kene, awit astane
anteb panglawane marang kita lan marang
Sang Dhagon allah kita.” 8 Mulane padha
ngaturi para ratu kuthane wong Filisti sarta
pangucape: “Punapa ingkang badhe kita
lampahi tumrap pethinipun Gusti Allahipun
Israel punika?” Wangsulane para ratu: “Pethine
Gusti Allahe Israel kudu dielih menyang Gat.”
Dadine padha ngelih pethine Gusti Allahe
Israel mau.
9 Nanging bareng dielih mrana, astane
Sang Yehuwah ndhatengake pageger gedhe
tumrap marang kutha iku. Panjenengane
nggebag wong ing kutha iku, bocah-bocah
lan para wong tuwa temah padha wudunen.
10 Wong-wong iku tumuli padha ngusung
pethine Gusti Allah menyang Ekron. Nanging
satekane pethine Gusti Allah ing Ekron,
wong ing kono padha sesambat, pangucape:
“Anggone marakake pethine Gusti Allahe Israel
marang kita iku supaya mateni kita lan bangsa
kita.” 11 Awit saka iku wong-wong banjur padha
ngaturi nglempak sakehe ratu kuthane wong

Filisti sarta padha matur: “Pethining Gusti
Allahipun Israel punika kaaterna, kajengipun
wangsul dhateng ing panggenanipun, supados
kita saha bangsa kita sampun ngantos dipun
pejahi.” Amarga ing sawratane kutha kono
ana gegering pepati; astane Sang Yehuwah
anteb banget pameteke marang wong ing
kono. 12 Wong kang ora mati, diganjar lara
wudunen temah pasambate wong ing kutha
kono sumengka tekan ing langit.

Pethi prajanjian dibalekake marang wong Israel

6:1--7:1

6 1 Sawise pitung sasi lawase anggone
pethi prajanjiane Sang Yehuwah ana
ing wewengkone wong Filisti, 2 wong Filisti
nglumpukake para imam lan juru tenung,
pangucape: “Pethining prajanjianipun Sang
Yehuwah punika kedah dipun punapakaken?
Kula mugi panjenengan ngandikani kados
pundi anggenipun mangsulaken pethi punika
dhateng panggenanipun.” 3 Wangsulane
wong-wong iku: “Manawi badhe mangsulaken
pethining Allahipun Israel punika, sampun
dipun wangsulaken kanthi nglaha,
panjenengan kedah ngaturaken tebusaning
kalepatan dhateng Panjenenganipun;
panjenengan lajeng badhe sami saras lan
badhe mirsa, punapa sebabipun, dene
astanipun boten mundur saking panjenengan.”
4 Wong-wong mau nuli takon: “Tebusaning

kalepatan, ingkang kedah kula caosaken
punika punapa?” Wangsulane: “Sami kaliyan
cacahipun ratu-kitha ing Filisti, wudun emas
gangsal, tuwin tikus emas gangsal, awit
ingkang tumempuh dhateng panjenengan
sadaya saha para ratu-kitha panjenengan
punika kacilakan ingkang sami. 5 Milanipun
kadamelna pepethan wudun-wudun
panjenengan tuwin pepethan tikus, ingkang
ngrisak pasiten panjenengan, saha ngaturna
kurmat panjenengan dhateng Gusti Allahipun
Israel. Bokmanawi Panjenenganipun lajeng
badhe ngunduraken astanipun ingkang awrat
pametekipun punika saking panjenengan,
saking allah panjenengan saha saking pasiten
panjenengan. 6 Punapa ta sebabipun, dene
panjenengan sadaya kok sami mangkotaken
panggalih, kadosdene tiyang Mesir saha
Prabu Pringon? Punika rak sami ngetogaken
kemawon, nalika bangsa punika kesah, inggih
punika rikala Panjenenganipun damel dolanan
tiyang-tiyang wau? 7 Milanipun sami kula aturi
mundhut saha nyawisaken kareta enggal saha
lembu sarakit ingkang saweg nesepi, ingkang
dereng nate dipun etrapi pasangan, lembu wau
lajeng sami karakitna ing kareta punika, dene
pedhetipun kabektaa mantuk, supados boten
tumut. 8 Sasampunipun makaten, pethining
Yehuwah kaemotna ing kareta. Barang-barang
emas ingkang kedah kacaosaken dhateng
Panjenenganipun minangka tebusaning
kalepatan, punika kalebetna ing pethi, lajeng
kaselehna ing sandhingipun pethining Yehuwah

wau. Pethi wau lajeng kajengipun kesah.
9 Nunten sami migatosna: manawi pethi punika
medal margi ingkang ngener dhateng ing
dhaerahipun, dhateng ing Bet-Semes, punika
ateges bilih Panjenenganipun ingkang sampun
ndhatengakaken kasangsaran ingkang nggegirisi
punika dhateng kita. Dene manawi boten
makaten, kita lajeng mangretos, bilih sanes
astanipun ingkang nempuh kita; namung
kapinujon kemawon bab wau tumanduk
dhateng kita!”
10 Wong mau iya banjur nindakake
mangkono. Padha njupuk sapi kang nusoni
sarakit, dirakitake ana ing karetane, nanging
pedhete dicancang ana ing ngomah. 11 Pethine
Sang Yehuwah diemotake ing kareta iku,
apadene pethi kang isi tikus-tikusan lan
pepethaning wudun emas. 12 Sapi-sapi iku
terus bae metu ing dalan kang anjog ing Bet-
Semes, ngliwati ratan gedhe karo mbengah
sarta ora menggok nengen utawa ngiwa,
dene para ratu-kuthane wong Filisti iku padha
tindak ngetutake lakune nganti tutug ing
tlatah Bet-Semes. 13 Para wong ing Bet-Semes
lagi padha ngeneni gandum ana ing lebak.
Bareng padha ndengengek weruh pethi mau
lan padha bungah atine. 14 Karetane iku teka
ing pategalane Yusak, wong ing Bet-Semes
lan mandheg ana ing kono. Ing kono ana
watu gedhe. Wong iku padha nyigari kayune
kareta mau lan sapine disaosake minangka
kurban obaran marang Sang Yehuwah. 15 Para
wong Lewi padha ngudhunake pethine Sang

Yehuwah, dalah pethi ing sandhinge kang isi
barang mas-masan, banjur ditumpangake
ing watu gedhe iku, lan ing dina iku para
wong ing Bet-Semes padha nyaosake kurban
obaran lan kurban sembelehan marang Sang
Yehuwah. 16 Bareng para ratune kutha wong
Filisti lima-limane padha mirsa prakara iku,
ing dina iku uga padha kondur bali menyang
ing Ekron.

17 Dene pepethaning wudun emas kang
disaosake wong Filisti marang Sang Yehuwah
minangka tebusaning kaluputan: saka Asdod
siji, saka Gaza siji, saka Askelon siji, saka
Gat siji, saka Ekron siji. 18 Mangkono uga
tikus-tikusan emas, manut cacahe sakehing
kutha-kuthane wong Filisti, kagungane
para ratu-kutha lelima iku, iya kutha kang
abebeteng iya desa-desa ing saubenge;
dene watu gedhe kang ditumpangi pethine
Sang Yehuwah ing pategalane Yusak, wong
ing Bet-Semes mau, iku dadi seksi tumeka
saprene.

19 Lan Panjenengane ngukum pati wong
Bet-Semes sawetara, awit padha ngungak ing
jerone pethine Sang Yehuwah; Panjenengane
mejahi wong pitung puluh, rakyat ing kono.
Wong-wong ing kono padha prihatin, amarga
Sang Yehuwah wus ndhawahake wewelak
kang ngebat-ebati marang wong-wong iku.
20 Lan wong ing Bet-Semes padha ngucap:
“Sapa ta kang betah adu arep karo Sang
Yehuwah, Gusti Allah kang suci iku? Menyang
ngendi bakal tindake sawise nilar kita iki?”

[21] Tumuli padha kongkonan marani wong
ing Kiryat-Yearim karo diweling mangkene:
"Para wong Filisti wis ngulihake pethine Sang
Yehuwah; padha tekaa lan pethine gawanen
menyang panggonanmu."

7 [1] Para wong ing Kiryat-Yearim banjur
padha teka, marani pethine Sang Yehuwah
iku lan diusung menyang ing omahe Abinadab
kang ana ing tetengger. Lan Eleazar anake
disucekake, supaya ngreksa pethine Sang
Yehuwah iku.

Wong Filisti diasorake ana ing sacedhake Mizpa

7:2-14

[2] Wiwit ing dina iku pethine ana ing Kiryat-
Yearim, nganti watara lawas, yaiku rong puluh
taun lan umat Israel padha sesambat kabeh
marang Sang Yehuwah. [3] Nabi Samuel nuli
ngandika marang wong Israel saumat kabeh
mangkene: "Manawa kowe padha mratobat
marang Sang Yehuwah kalawan gumolonging
atimu. nyingkirna para allah liyane lan para
Asytoret saka ing tengahmu lan adhepna
atimu marang Sang Yehuwah lan padha
ngemungna ngabekti marang Sang Yehuwah;
Panjenengane banjur bakal mitulungi kowe
saka ing tangane wong Filisti." [4] Wong Israel
banjur padha nyingkirake para Baal lan
Asytoret sarta mung ngabekti marang Sang
Yehuwah. [5] Nabi Samuel banjur ngandika:
"Wong Israel padha kumpulna kabeh ana ing

Mizpa; dene aku bakal ndongakake kowe
marang Sang Yehuwah.” 6 Bareng wis padha
ngumpul ana ing Mizpa, banjur padha nyidhuki
banyu lan disuntak ana ing ngarsane Sang
Yehuwah. Apadene padha puwasa lan matur
ana ing kono: “Kula sampun sami nglampahi
dosa dhumateng Sang Yehuwah.” Lan Nabi
Samuel banjur ngakimi wong Israel ana ing
Mizpa. 7 Bareng wong Filisti padha krungu
warta, yen wong Israel padha ngumpul
ana ing Mizpa, para ratu-kuthane wong
Filisti padha mangsah nglurugi wong Israel.
Wong Israel bareng krungu bab iku, banjur
padha wedi marang wong Filisti iku. 8 Wong
Israel tumuli matur marang Nabi Samuel:
“Sampun kendel-kendel anggen panjenengan
ndongakaken kula dhateng Sang Yehuwah,
Gusti Allah kita, supados Panjenenganipun
mitulungi kita saking tanganipun tiyang Filisti
punika.” 9 Sawuse iku Nabi Samuel mundhut
cempe suson lan dicaosake kabeh marang
Sang Yehuwah kagawe kurban obaran. Lan
bareng Nabi Samuel ndongakake wong
Israel marang Sang Yehuwah, Sang Yehuwah
nyembadani panyuwune.
10 Nalika Nabi Samuel nyaosake kurban
obaran iku, wong Filisti padha mangsah
perang, nglawan wong Israel. Nanging ing dina
iku Sang Yehuwah ndhatengake gludhug kang
swarane ngebat-ebati ing sandhuwure bangsa
Filisti lan nggegerake wong-wong iku, temah
padha disorake dening wong Israel. 11 Wong
Israel padha metu saka Mizpa, ngoyak wong

Filisti lan nggecak wong-wong iku nganti tekan
ing sangisore Bet-Kar. [12] Nabi Samuel banjur
mundhut watu lan diadegake ana ing antarane
Mizpa lan Yesana, panjenengane maringi
jeneng iku: Eben-Haezer, pangandikane:
"Sang Yehuwah wus mitulungi kita tekan ing
kene!" [13] Mangkono wong Filisti iku ditelukake
lan ora mlebu ing tlatah Israel maneh. Astane
Sang Yehuwah nglawan wong Filisti sasugenge
Nabi Samuel, [14] lan kutha-kutha kang dirayud
dening wong Filisti wis bali marang Israel
maneh, wiwit saka ing Ekron tutug ing Gat;
lan wong Israel bisa ngrebut tlatah sakubenge
saka ing tangane wong Filisti. Wong Israel
karo wong Amori padha rukun.

Nabi Samuel jumeneng hakim

7:15-17

[15] Nabi Samuel ngereh dadi hakime wong
Israel sasugenge. [16] Saben taun panjenengane
tindak mider-mider menyang Betel, Gilgal lan
Mizpa sarta ngereh wong Israel ana ing sakehe
panggonan kono iku. [17] Nuli kondur menyang
ing Rama, amarga daleme ana ing kono, lan
saka ing kono anggone ngereh wong Israel,
lan ana ing kono panjenengane yasa misbyah
kagem Sang Yehuwah.

Wong Israel padha nyuwun ratu

8:1-22

8 1 Bareng Nabi Samuel wis sepuh, putrane
kakung diangkat dadi hakime wong Israel.
2 Asmane putrane kang pembajeng Yoel lan
kang panenggak Abia, sakarone dadi hakim
ana ing Bersyeba. 3 Nanging putrane iku
tindak-tanduke ora kaya ramane, mburu
kauntungan, nampani besel lan ndhoyongake
pangadilan.
4 Mulane para tuwa-tuwane Israel padha
ngumpul banjur sowan marang ngarsane Nabi
Samuel ing Rama, 5 sarta matur: "Panjenengan
sampun sepuh lan putra-putra panjenengan
tindak-tandukipun boten kados panjenengan;
milanipun mugi kaparenga njumenengaken
ratu ingkang ngereh kula kados dene bangsa
sanes-sanesipun." 6 Nalika padha matur: "Kula
mugi kaparingana ratu ingkang ngereh kula,"
tembung iku ora dadi renane Nabi Samuel,
mulane Nabi Samuel banjur ndedonga marang
Sang Yehuwah. 7 Sang Yehuwah ngandika
marang Nabi Samuel: "Turutana panyuwune
bangsa iku ing bab sakehing prakara kang
diaturake marang sira, amarga dudu sira
kang ditampik, nanging Ingsun kang ditampik
supaya aja ngratoni maneh marang bangsa
iku. 8 Ora siwah karo kang ditandukake
marang ingsun, wiwit nalika Sunentasake
saka ing tanah Mesir tumeka saprene, yaiku
anggone nyingkur marang Ingsun lan ngabekti

marang allah liyane, mengkono uga kang
katandukake marang sira. 9 Mulane turutana
panyuwune, mung bae elingna temenan lan
cethakna mungguh wewenange ratu, kang
bakal ngereh."
10 Lan Nabi Samuel ngluntakake sakehing
pangandikane Sang Yehuwah marang bangsa,
kang padha nyuwun ratu iku, 11 pangandikane:
"Iki kang dadi wewenange ratu kang bakal
ngereh kowe: anak-anakmu lanang padha
dipundhut didadekake bala kretan lan jaranan,
lan bakal lumayu ana ing ngarepe kreta
titihane; 12 panjenengane bakal ngangkat
wong-wong iku dadi panggedhening bala
sewu lan panggedhene bala seket; bakal
padha nggarap pategalane lan ngeneni kagem
panjenengane; nggawekake gegaman lan
pirantining kretane. 13 Anak-anakmu wadon
bakal padha kapundhut dadi juru nyampur
bumbon wangen, dadi padang lan juru ngolah
dhaharan. 14 Sabanjure saka pategalanmu,
pakebonanmu anggur lan jaitun bakal
dipundhuti kang becik dhewe lan diparingake
marang para punggawane, 15 Gandum
lan wohing pakebonanmu anggur bakal
kapundhutan saprasepuluhe lan diparingake
marang para punggawa ing kratone lan
punggawa-punggawa liyane. 16 Baturmu
lanang lan wadon, rajakayamu kang becik
dhewe lan kuldi-kuldimu bakal dipundhuti lan
dimegawekake. 17 Wedhus-wedhusmu bakal
dipundhut kang saprasepuluhe, lan kowe
dhewe bakal padha dadi abdine. 18 Ing wektu

iku kowe bakal padha sesambat jalaran saka
ratu pilihanmu, nanging Sang Yehuwah ora
bakal paring wangsulan marang kowe.”
[19] Nanging bangsa iku ora gelem ngrungokake
marang pangandikane Nabi Samuel, malah
kawetu ature: “Boten kedah wonten ratu
ingkang ngereh kula; [20] kula sageda nyameni
bangsa-bangsa sanes; ratu kula badhe
ngakimi kula lan mimpin kula wonten ing
peperangan.” [21] Sawise Nabi Samuel miyarsa
sakehing ature bangsa iku banjur munjuk bab
iku marang Sang Yehuwah. [22] Sang Yehuwah
tumuli ngandika marang Nabi Samuel:
“Panyuwune turutana, lan ngadegna ratu
kanggo wong-wong iku.” Nabi Samuel banjur
ngandika marang wong Israel: “Wis padha
muliha, menyang kuthamu dhewe-dhewe!”

Saul dijebadi dadi ratu

9:1--10:16

9 [1] Ana sawijining wong saka tlatah
Benyamin, jenenge Kisy bin Abiel, bin
Zeror, bin Bekhorat, bin Afiah, wong suku
Benyamin, iku wong kang sugih. [2] Wong mau
duwe anak lanang, jenenge Saul, isih enom
lan bagus rupane; ora ana wong siji bae saka
antarane wong Israel, kang ngungkuli baguse;
dhuwure ngungkuli wong sabangsane kabeh,
kabeh mung sapundhake. [3] Kisy, bapakne Saul
mau kelangan kuldi-kuldine wadon, mulane
ngatag marang Saul, anake: “Ngajaka batur
salah siji, cecepaka lan mangkata nggolekana

kuldine.” 4 Nuli padha budhal njlajahi
pagunungan Efraim, lakune uga ngliwati tanah
Salisa, nanging kuldine ora ketemu. Banjur
njlajahi tanah Sahalim, nanging kuldine iya ora
ana; wusana njlajahi tanah Benyamin, nanging
uga ora ketemu. 5 Bareng lakune tekan ing
tanah Zuf, Saul tutur marang bature kang
melu: “Payo padha mulih. Mengko bapak wis
ora nggalih marang kuldine maneh, nanging
genti nyumelangake aku lan kowe.” 6 Nanging
wong mau clathu: “Mangke rumiyin, ing kitha
punika rak wonten abdinipun Gusti Allah,
ingkang kajen keringan; punapa ingkang
dipun ngandikakaken mesthi kelampahan.
Sumangga sami sowan mrika sapunika,
bokmanawi saged ngandika bab anggen kula
sami kekesahan punika.” 7 Wangsulane Saul
marang bature: “Nanging manawa aku padha
mrana, apa kang dakcaosake marang wong
sidik iku? Amarga roti ing kasangku wis entek,
ora ana oleh-oleh kang kena dakaturake
marang abdine Gusti Allah iku. Aku padha
duwe apa?” 8 Wangsulane si batur marang
Saul: “Kula taksih mbekta saprasekawan sekel
selaka, punika saged kula aturaken dhateng
abdinipun Gusti Allah, panjenenganipun
tamtu lajeng badhe ngandika bab anggen kita
kekesahan punika.” 9 Dhek biyen, ing antarane
wong Israel, samangsa ana wong kang arep
nyuwun pitedahe Gusti Allah, iku ngucap
mangkene: “Payo padha sowan marang wong
sidik,” awit nabi kang saiki iki dhek biyen
disebut: wong sidik.-- 10 Saul banjur tutur

marang bature: Panemumu iku becik. Payo
padha mrana!" Wong loro mau banjur padha
mangkat menyang ing kutha, menyang ing
daleme abdine Gusti Allah mau.
11 Bareng tekan ing unggah-unggahane kutha
iku, kapethuk para prawan kang padha metu
arep ngangsu. Banjur padha takon marang
prawan-prawan iku: "Tiyang sidik punapa
wonten ing ngriki?" 12 Wangsulane para
prawan mau: "Inggih wonten, saweg kemawon
ngrumiyini sampeyan, sampeyan enggal-
enggal kemawon sapunika. Panjenenganipun
ing dinten punika rawuh wonten ing kitha,
amargi wonten sidhekahan saos kurban
kangge tiyang kathah ing tetengger. 13 Manawi
sampeyan mlebet ing kitha, tamtu enggal
pinanggih, saderengipun panjenenganipun
minggah ing tetengger badhe dhaharan.
Awit tiyang kathah boten badhe nedha
saderengipun panjenenganipun rawuh, ujer
panjenenganipun ingkang mberkahi kurban,
sasampunipun punika para suruhan sami
nedha. Enggal sampeyan mangkat sapunika,
sampeyan mesthi enggal pinanggih." 14 Banjur
padha munggah menyang ing kutha; bareng
padha mlebu ing kutha kebeneran Nabi
Samuel arep tindak minggah menyang ing
tetengger, kapethuk karo wong loro iku.
15 Anadene Sang Yehuwah sadina sadurunge
tekane Saul wis paring wangsit marang Nabi
Samuel, pangandikane: 16 "Sesuk, watara
wayah mangkene Ingsun bakal ngutus
sawijining wong lanang saka tanah Benyamin,

kang marani sira, iku jebadana dadi ratuning
umatingSun Israel lan dheweke bakal ngluwari
umatingSun saka ing tangane wong Filisti,
amarga pasambate wus sumengka tekan ing
ngarsaningSun.”
17 Bareng Nabi Samuel mirsa Saul, Sang
Yehuwah banjur paring sumurup: “Iki wonge
kang Sundhawuhake marang sira; iku bakal
ngratoni umatingSun.” 18 Ing nalika iku Saul
nyedhaki Nabi Samuel ana ing satengahe
gapura lan matur: “Kula nuwun, pundi
dalemipun tiyang sidik punika?” 19 Nabi
Samuel tumuli mangsuli Saul, pangandikane:
“Wong sidik iku iya aku iki. Munggaha
ndhisikana lakuku menyang ing tetengger.
Ing dina iku kowe bakal dakajak mangan
bebarengan karo aku. Sesuk kowe dak lilani
mulih lan aku bakal nyumurupake marang
kowe sarasaning atimu. 20 Dene kuldimu
kang wis ilang saprene wis telung dina, ora
susah kok sumelangake, amarga wis ketemu.
Nanging sapa kang ndarbeni apa kang
dikarepake wong Israel? Iku kabeh rak tinemu
ana ing kowe lan sakehe kulawargamu?”
21 Nanging Saul mangsuli: “Kula punika
rak tiyang taler Benyamin, taler ingkang
alit piyambak wonten ing Israel? Lan malih
kulawarga kula punika rak ingkang remeh
piyambak ing antawisipun taler Benyamin?
Kados pundi Rama kok ngandika makaten
dhateng kula?”
22 Sawuse iku Nabi Samuel ngajak Saul
lan bature dikanthi menyang pendhapa lan

dilungguhake ing panggonan kang mulya
dhewe ana ing ngarepe para suruhan, cacahe
kira-kira telung puluh. 23 Nabi Samuel tumuli
ngandika marang juru olah-olah: “Tengkelan
kang dakwenehake marang kowe supaya
koksimpen mau, ladekna mrene.” 24 Juru
olah-olah banjur ngladekake sampil dalah apa
kang kumanthil ing kono ing ngarepe Saul.
Lan Nabi Samuel banjur ngandika: “Delengen,
ngengehane diladekake ana ing ngarepmu,
iku panganen, amarga pancen dingengehake
kanggo kowe ana ing pahargyan iki, nalika
aku tutur, yen aku ngulemi wong akeh.”
Mangkono ing dina iku Saul ndherek dhahar
Nabi Samuel. 25 Sawuse iku padha mundhur
saka ing tetengger menyang ing kutha. Nabi
Samuel banjur ngandikan karo Saul ana ing
payon.
26 Esuke umun-umun padha tangi lan bareng
wis padhang Nabi Samuel nimbali Saul kang
ana ing payon iku, pangandikane: “Tangia,
aku arep ngeterake kowe.” Saul banjur
tangi lan sakarone padha metu, yaiku Saul
karo Nabi Samuel. 27 Bareng padha mudhun
tekan ing tepiswiringe kutha, Nabi Samuel
ngandika marang Saul: “Baturmu konen
lumaku ndhingini aku lan kowe, nanging kowe
mandhega sadhela, aku bakal medharake
pangandikane Gusti Allah.”
10 1 Nabi Samuel banjur mundhut guci
isi lenga, disuntak ing sirahe Saul,
diambung karo ngandika: “Sang Yehuwah rak
wus njebadi kowe dadi ratu tumrap umate

Israel? Kowe bakal nyekel paprentahan,
ngereh umate Sang Yehuwah lan kowe bakal
ngluwari bangsa Israel saka ing tangane para
mungsuh ing sakubenge. Iki pratandhane
kanggo kowe, yen Sang Yehuwah wis njebadi
kowe dadi ratune kagungane piyambak:
2 Samangsa ing dina iki kowe mangkat saka
kene, kowe bakal kapethuk karo wong loro
ing sacedake pasareane Ibu Rakhel, ing
tlatah Benyamin, ing Zelzah. Iku bakal tutur
marang kowe: Kuldi-kuldi kang kokgoleki iku
wis ketemu; lan bapakmu ora mikir marang
kuldine maneh, nanging genti nyumelangake
marang kowe, pangucape: Kapriye akalku
kanggo anakku iki? 3 Saka ing kana kowe
bakal mlaku terus bae nganti tutug ing elon
ing Tabor. Ing kono kowe bakal kapethuk wong
lanang telu, kang padha munggah sowan
marang ing ngarsane Gusti Allah ing Betel;
kang siji nuntun cempe telu, sijine nggawa
roti telung iji, lan katelune nggawa anggur
saimpes. 4 Iku bakal padha uluk salam marang
kowe lan kowe diwenehi rotine rong iji, kang
koktampani. 5 Sawuse iku lakumu bakal tutug
ing Gibea Allah, papan pandhudhukane bala
Filisti. Lan manawa kowe mlebu kutha, ing
kono kowe bakal kapethuk golongane nabi,
kang mudhun saka tetengger pangurbanan,
ing ngarepe ana wong kang nggawa slukat,
trebang, suling lan clempung, iku dhewe
padha medhar wangsit kaya nabi. 6 Dene Rohe
Sang Yehuwah bakal nedhaki kowe, kowe
bakal bebarengan karo para nabi iku lan kowe

bakal malih dadi wong seje. 7 Samangsa kowe
katekan pratandha iki, lakonana apa bae
kang tinemu dening tanganmu, amarga Gusti
Allah nunggil karo kowe. 8 Kowe ndhisikana
lakuku menyang ing Gilgal; lan aku bakal
nekani kowe arep nyaosake kurban obaran lan
kurban slametan. Kowe ngentenana pitung
dina lawase, nganti aku nekani kowe lan
aweh sumurup marang kowe apa kang wajib
koklakoni.”

9 Bareng Saul ungkur-ungkuran karo Nabi
Samuel Gusti Allah nyantuni atine Saul
dadi seje. Lan sakehing pranatan kang
kapratelakakake mau padha kelakon ing dina iku
uga. 10 Bareng saka ing kono lakune tekan ing
Gibea Saul kapethuk nabi sagolongan: Rohe
Gusti Allah nedhaki Saul lan Saul banjur melu
medhar wangsit kaya nabi liyane kang ana ing
satengahe. 11 Lan wong kang wis wiwit biyen
padha wanuh karo Saul padha gumun weruh
Saul medhar wangsit karo nabi-nabi iku; siji
karo sijine banjur padha rerasanan: “Kena
apa ta anake Kisy iku? Apa Saul iya kagolong
para nabi iku?” 12 Banjur ana wong sumaur
saka panggonan kono: “Wong-wong iku sapa
ta kang dadi bapakne?” Mulane katelah ana
pribasan: Saul apa iya kagolong para nabi?

13 Bareng wus rampung anggone kapenuhan
kaya nabi, banjur mulih. 14 Lan pamane celathu
marang Saul lan bature: “Kowe padha saka
ngendi?” Wangsulane: “Ngupadosi kuldi-kuldi
punika, nanging sareng boten wonten katingal,
kula sami sowan ing ngarsanipun Nabi

Samuel.” 15 Pamane Saul nuli celathu: “Mara
aku caritanana, apa kang dipangandikakake
Nabi Samuel marang kowe.” 16 Saul banjur
carita marang pamane: Lajeng kemawon
kula sami dipun pangandikani bilih kuldi-kuldi
punika sampun pinanggih.” Nanging bab
anggone bakal jumeneng ratu kaya kang
dingandikakake dening Nabi Samuel, ora
dilairake marang pamane.

Saul anggone jumeneng ratu sarana kaundhi

10:17-27

17 Nabi Samuel nuli ngumpulake wong
kabeh ana ing ngarsane Sang Yehuwah ing
Mizpa. 18 Lan panjenengane ngandika marang
wong Israel mau mangkene: “Pangandikane
Sang Yehuwah, Gusti Allah Israel mangkene:
Ingsun wus ngentasake bangsa Israel
saka ing tanah Mesir lan wus ngluwari sira
saka ing tangane wong Mesir lan saka ing
tangane sakehe karajan kang padha nindhes
sira. 19 Nanging saiki sira nampik Gusti
Allahira, kang mitulungi sira saka sakehing
kasangsaran lan karubedanira, kanthi aturira:
Boten, mugi njumenengna ratu ingkang
ngereh kula. Mulane padha sebaa ana ing
ngarsane Sang Yehuwah miturut taler-taler
lan golongan-golonganmu!” 20 Nabi Samuel
banjur ndhawuhi maju sakehing talere Israel;
ing kono kang katuding taler Benyamin.
21 Sawuse iku taler Benyamin didhawuhi maju

bebrayatan, banjur kang katuding brayate
Matri; brayate Matri banjur kadhawuhan
maju siji-siji, wasana Saul anake Kisy kang
katuding. Nanging bareng digoleki ora
ketemu. 22 Mulane banjur neges marang Sang
Yehuwah: “Punapa tiyangipun inggih mriki?”
Sang Yehuwah paring wangsulan: “Lah wonge
ndhelik ana ing antarane barang-barang.”
23 Wong banjur mlayu marani Saul diajak saka
ing kono lan bareng Saul ngadeg ana ing
satengahing bangsane, wong-wong dedege
mung sapundhake. 24 Lan Nabi Samuel banjur
ngandika marang wong sabangsa kabeh:
“Sawangen, wong kang kapilih dening Sang
Yehuwah iku. Amarga saka sakehing bangsa
iku ora ana wong siji bae kang madhani.”
Wong sabangsa banjur padha surak-surak,
unine: “Sugenga Sang Prabu!”

25 Nabi Samuel banjur ngandharake marang
wong akeh bab wewenange karajan kang
nuli katulisan ana ing piagem lan diselehake
ana ing ngarsane Sang Yehuwah; sawise iku
Nabi Samuel dhawuh marang wong sabangsa
kabeh supaya padha mulih menyang omahe
dhewe-dhewe. 26 Sang Prabu Saul, uga kondur
menyang ing daleme ing Gibea, kadherekake
para wong gagah prakosa, kang diosikake
atine, dening Sang Yehuwah. 27 Nanging ana
wong dursila kang padha ngucap: “Wong
iku mangsa bisaa mitulungi kita!” Iku padha
ngremehake lan ora ngaturi pisungsung.
Ewadene Sang Prabu Saul api-api ora miyarsa.

Sang Prabu Saul ngluwari Yabesy

11:1-15

11 [1] Sang Prabu Nahas, ratu ing Amon
nglurugi perang lan ngadegake kemah,
ngepung Yabesy-Gilead. Sakehe wong ing
Yabesy banjur matur marang Sang Prabu
Nahas: "Kawula aturi damel prajanjian kaliyan
kawula, lan kawula badhe sumuyud dhateng
panjenengan dalem." [2] Nanging Sang Prabu
Nahas, ratu ing Amon, paring pangandika
marang wong iku: "Sarate anggonku gawe
prajanjian karo kowe mangkene: saben wong
mripate tengen bakal suncuplak; sarana patrap
mangkono aku bakal gawe wirange sakehe
wong Israel." [3] Ature para tetuwane wong
Yabesy: "Kawula nyuwun inah pitung dinten,
supados kawula saged nyebar kengkenan
dhateng sawewengkonipun Israel sadaya;
manawi boten wonten tiyang satunggal
kemawon ingkang ngluwari kawula, kawula
badhe medal asrah bongkokan dhumateng
panjenengan dalem."

[4] Bareng para kongkonan tekan ing Gibea-
Saul lan mratelakake prakara iku marang
bangsa iku, bangsa iku nuli padha nangis
kelara-lara. [5] Sang Prabu Saul lagi bae
rawuh saka pategalan lan tindak nggiring
sapine, tumuli ndangu: "Kena apa dene
wong iku padha nangis?" Wong-wong
banjur padha ngaturake pawartane wong
ing Yabesy iku. [6] Bareng Sang Prabu Saul

miyarsa pawarta mau, banjur katedhakan ing
Rohe Sang Yehuwah, temah banjur muntab
dukane. 7 Banjur mundhut sapi sarakit,
ditengkel-tengkel; tengkelane diwaratakake
lumantar para utusan ing sawewengkone
Israel kabeh klawan piweling: “Sing sapa
ora melu ndherek Sang Prabu Saul Lan Nabi
Samuel, sapine bakal digawe kaya mengkene
iki.” Sang Yehuwah banjur ndhatengake
pagiris marang bangsa iku, temah padha
bareng maju. 8 Nalika Sang Prabu Saul mriksa
wadyabalane ing Bezek, tinemu ana wong
Israel telung atus ewu lan wong Yehuda
telung puluh ewu. 9 Para utusan iku padha
dituturi mangkene: “Iki kandhakna marang
para wong ing Yabesy-Gilead: Sesuk ing
wayah panas-panase srengenge bakal tekane
pitulungan.” Nalika para kongkonan bali lan
aweh pawarta marang wong-wong Yabesy,
kabeh padha bungah banget. 10 Wong ing
Yabesy banjur padha matur marang Sang
Prabu Nahas: “Benjing enjing kawula sami
badhe ngedali asrah bongkokan; panjenengan
dalem saged nandukaken dhumateng kawula,
punapa kemawon ingkang panjenengan dalem
galih prayogi.”
11 Esuke Sang Prabu Saul merang balane
dadi telung bregada. Iku padha nrajang ing
satengahe pakemahane mungsuh ing wayah
esuk umun-umun lan nggecak wong Amon
sadurunge awan, lan wong kang bisa oncat
pating slebar, ora ana wong loro kang isih
kumpul.

12 Bangsa mau nuli matur marang Nabi
Samuel: “Sinten ingkang mungel: Mokal
Saul bisa dadi ratu kita, kapasrahna mriki
tiyangipun, badhe kula pejahi!” 13 Nanging
Sang Prabu Saul ngandika: “Ing dina iki aja
ana wong kang dipateni, amarga ing dina
iki Sang Yehuwah wis paring pangluwaran
marang Israel.”
14 Lan Nabi Samuel ngandika marang bangsa
iku: “Payo padha mangkat menyang ing
Gilgal nganyarake kalenggahane ratu ana ing
kana.” 15 Wong sabangsa kabeh banjur padha
mangkat menyang Gilgal lan njumenengake
Sang Prabu Saul dadi ratu ana ing kono ana ing
ngarsane Sang Yehuwah ana ing Gilgal, lan ing
kono padha nyaosake kurban kaslametan ana
ing ngarsane Sang Yehuwah; Sang Prabu Saul
lan sakehing wong Israel padha suka-suka
rame banget ana ing kono.

Nabi Samuel pamitan marang bangsa Israel

12:1-25

12 1 Pangandikane Nabi Samuel marang
sakehe wong Israel: “Sakehing
panyuwunmu, kang kokaturake marang aku,
wis dakturuti lan aku wis njumenengake ratu
kang ngereh kowe. 2 Dene saiki ratu iku kang
dadi pemimpinmu; lan aku iki wis tuwa lan
uwanen, apadene anak-anakku lanang rak
ana ing antaramu? Aku mimpin kowe wiwit
nonomanku tumeka saprene. 3 Iki aku ana

ing ngarepmu ana ing kene. Kowe menehana
paseksen kang nglawan aku ana ing ngarsane
Sang Yehuwah lan ing ngarepe jebadane:
Sapine sapa kang wis dakepek? Kuldine sapa
kang wis dakepek? Sapa kang tau daktindhes?
Sapa kang tau dakkasari? Sapa kang wis
tau mbeseli aku kanggo nutupi mripatku?
Iku arep dakbalekake.” 4 Wangsulane wong
kang padha dipangandikani: “Panjenengan
boten nindhes kula, lan boten nate tumindhak
kasar, punapa dene panjenengan boten
nate nampeni punapa-punapa saking sinten
kemawon.” 5 Panjenengane nuli ngandika
marang wong-wong mau: “Sang Yehuwah
kang dadi seksi marang kowe, lan kang
dijebadi Panjenengane kang dadi seksi ing
dina iki, yen kowe padha ora nemu apa-apa
ana ing tanganku.” Wangsulane para wong
mau: “Panjenenganipun dadosa seksi.”

6 Nabi Samuel banjur ngandika marang
bangsa iku: “Sang Yehuwah dadia seksi, kang
ngangkat Nabi Musa lan Imam Harun lan
ngentasake leluhurmu saka ing tanah Mesir.
7 Mulane padha ngadega, ayo padha nyuwun
pangadilan ana ing ngarsane Sang Yehuwah,
bab sakehe kasaenane Sang Yehuwah kang
wis ditandukake marang kowe lan marang
leluhurmu. 8 Nalika Rama Yakub rawuh ana
ing Mesir lan para leluhurmu padha sesambat
marang Sang Yehuwah, nuli Sang Yehuwah
ngutus Nabi Musa lan Imam Harun, kang
ngirid para leluhurmu saka ing tanah Mesir
sarta marengake padha manggon ana ing

kene iki. [9] Nanging banjur padha lali marang
Sang Yehuwah, Gusti Allahe, lan Panjenengane
ngulungake para leluhurmu marang ing
tangane Sisera, sena patine wadyabala ing
Hazor, lan marang ing tangane bangsa Filisti
lan ratu ing Moab kang padha nglurugi
perang. [10] Nuli padha sesambat marang
Sang Yehuwah, unjuke: Kawula sampun sami
nglampahi dosa, amargi kawula sami nyingkur
Sang Yehuwah lan ngabekti dhateng para
Baal lan para Asytoret; sapunika kawula
mugi sami Paduka luwari saking tanganipun
mengsah kawula, kawula lajeng badhe
ngabekti dhumateng Paduka. [11] Sawuse iku
Sang Yehuwah ngutus Hakim Yerubaal, Barak,
Yefta apadene Samuel, lan ngluwari kowe saka
ing tangane mungsuh ing saubengmu, temah
bisa tentrem pamanggonmu. [12] Nanging
bareng kowe ndeleng, yen Sang Prabu Nahas,
ratu ing Amon, nglurugi kowe, kowe nuli
padha matur marang aku: Boten, wontena
ratu ingkang ngereh kula; mangka Sang
Yehuwah, Gusti Allahmu iku jumeneng
dadi ratumu. [13] Mulane sawangen iku ratu,
kang wis kokpilih lan kokjaluk. Lah Sang
Yehuwah wus njumenengake ratu kang ngereh
kowe, [14] janji kowe wedi-asih marang Sang
Yehuwah ngabekti marang Panjenengane,
ngrungokake pangandikane, sarta ora
mbangkang marang dhawuhe Sang Yehuwah,
lan kowe padha ngetutwuri Sang Yehuwah,
Gusti Allahmu, iya kowe apadene ratu kang
bakal ngereh kowe. [15] Nanging manawa

kowe ora ngrungokake pangandikane Sang
Yehuwah, Sang Yehuwah bakal nglawan
kowe lan ratumu. [16] Saiki terusna anggonmu
padha ngadeg lan nyawanga prakara gedhe
kang bakal ditindakake Sang Yehuwah ana
ing ngarepmu. [17] Saiki rak lagi mangsane
panen gandum? Aku bakal nyebut marang
Sang Yehuwah, supaya Panjenengane paring
gludhug lan udan. Padha sumurupa lan
ngrumangsanana, yen gedhe pialamu kang
koklakoni ana ing ngarsane Sang Yehuwah,
yaiku anggonmu nyuwun ratu, kang ngereh
kowe." [18] Nabi Samuel banjur nyebut marang
Sang Yehuwah, nuli Sang Yehuwah ing dina
iku paring gludhug lan udan, temah wong
sabangsa kabeh padha wedi marang Sang
Yehuwah lan marang Nabi Samuel. [19] Wong
sabangsa kabeh padha matur marang Nabi
Samuel: "Panjenengan karsaa ndongakaken
para abdi panjenengan dhumateng Sang
Yehuwah, Gusti Allah panjenengan, supados
kula sampun ngantos sami pejah, amargi
anggen kula nyuwun ratu, kula mewahi dosa
kula, jalaran saking piawon punika."
[20] Lan Nabi Samuel ngandika marang bangsa
iku: "Aja padha wedi, pancen kowe wus
padha nglakoni piala iki, nanging aja kendhat
anggonmu ngetutwuri Sang Yehuwah, malah
anggonmu ngabekti marang Sang Yehuwah
diklawan gumolonging atimu. [21] Aja nyleweng
ngetutake dewa kang tanpa guna, lan ora
ana paedahe, sarta kang ora bisa mitulungi
kowe, amarga kabeh iku ora ana nyatane.

[22] Ujer Sang Yehuwah ora bakal mbucal
umate, amarga saka asmane kang agung.
Sang Yehuwah rak wis marengake kowe
dadi kagungane? [23] Mungguh ing aku, muga
adoha saka ing dosa marang Sang Yehuwah,
nganti leren anggonku ndongakake kowe;
aku bakal nuduhake kowe marang dalan kang
becik lan bener. [24] Mung bae kowe wedia
marang Sang Yehuwah lan ngabektia klawan
tumemen marang Panjenengane lan klawan
gumolonging atimu, amarga sumurupa, sapira
gedhene prakara-prakara kang katindakake
ana ing antaramu. [25] Nanging manawa kowe
ndlarung nglakoni ala, kowe bakal disirnakake,
iya kowe iya ratumu."

Pambalilane Sang Prabu Saul, nalika wong Filisti nempuh perang

13:1-22

13 [1] Sang Prabu Saul yuswa semene
taun, nalika jumeneng ratu, rong taun
anggone ngereh Israel. [2] Sang Prabu Saul
milih wong telung ewu saka antarane wong
Israel, kang rong ewu ndherek Sang Prabu ana
ing Mikhmas lan ana ing pagunungan Betel,
dene kang sewu ndherek Pangeran Yonatan
ing Gibea-Benyamin, nanging luwihe saka
iku padha didhawuhi mulih menyang kemahe
dhewe-dhewe.

[3] Pangeran Yonatan ngasorake bala Filisti
kang ngejegi Geba lan prakara iku keprungu
dening bala Filisti. Awit saka iku Sang Prabu

Saul dhawuh ngunekake kalasangka ing
saindenging nagara amarga panggalihe:
"Wong Ibrani kareben padha krungu."
4 Mengkono iku sakehe wong Israel banjur
padha krungu kabar, yen Sang Prabu Saul wis
ngalahake bala Filisti kang ngejegi, lan awit
saka iku wong Israel banjur disengiti dening
bangsa Filisti. Wong Israel tumuli dikerigake,
didhawuhi ndherek Sang Prabu Saul menyang
ing Gilgal.
5 Anadene wong Filisti wis padha ngumpul
nedya nglurugi perang nglawan bangsa Israel.
Karetane perang telung ewu, bala jaranan
nem ewu lan prajurit dharat kehe kaya wedhi
ing pinggiring segara, nuli mangkat nglurug
lan ngadegake kemah ana ing Mikhmas, ing
sawetane Bet-Awen. 6 Bareng bala Israel
weruh, yen kejepit -- amarga wong-wong
pancen kesuk -- wong-wong nuli padha mlayu
ndhelik ing guwa, lowahan watu, gunung
parang, erong watu lan ing sumur. 7 Malah
ana wong Ibrani kang nyabrang ing bengawan
Yarden ngener tanah Gad lan Gilead,
dene Sang Prabu Saul isih ana ing Gilgal,
rakyat kabeh padha ndherek kalawan giris.
8 Panjenengane ngentosi pitung dina nganti
tumeka ing wektu kang wus katemtokake
dening Nabi Samuel. Nanging bareng Nabi
Samuel ora rawuh ing Gilgal, balane wiwit
padha buyar, ninggal panjenengane. 9 Mulane
Sang Prabu Saul ngandika: "Kurbane obaran
lan kurbane kaslametan iku ajokna mrene
marang ngarsaningsun." Sang Prabu banjur

saos kurban obaran. 10 Lagi bae rampung
ngaturake kurban obaran, Nabi Samuel rawuh.
Sang Prabu Saul methuk ngaturake pambagya
wilujeng. 11 Nanging Nabi Samuel ngandika:
“Panjenengan dalem nindakaken punapa?”
Wangsulane Sang Prabu: “Sarehne kula ningali
rakyat sami buyar nilar kula lan panjenengan
boten rawuh ing wanci ingkang sampun
katemtokaken, mangka tiyang Filisti sampun
ngempal wonten ing Mikhmas, 12 kula lajeng
manah: Sadhela engkas wong Filisti nempuh
aku ing Gilgal, mangka durung nyuwun
sihkadarmane Sang Yehuwah, milanipun kula
lajeng kamipurun ngaturaken kurban obaran.”
13 Pangandikane Nabi Samuel marang Sang
Prabu Saul: “Tindak dalem punika boten
wicaksana. Panjenengan dalem boten nuhoni
dhawuhipun Sang Yehuwah, Gusti Allah
dalem ingkang dipun dhawuhaken dhateng
panjenengan dalem; amargi pancenipun Sang
Yehuwah badhe nyantosakaken karajan dalem
tumrap tiyang Israel ing salami-laminipun.
14 Nanging sapunika karajan dalem boten
badhe lestantun. Sang Yehuwah sampun
miji tiyang ingkang ndadosaken keparenging
penggalihipun lan Panjenenganipun sampun
nuding tiyang wau kajumenengaken ratu
kangge umatipun, amargi panjenengan
dalem boten netepi punapa ingkang dados
dhawuhipun dhumateng panjenengan dalem.”
15 Nabi Samuel banjur jumeneng lan tindak
saka ing Gilgal menyang ing Gibea Benyamin.
Sang Prabu Saul banjur nacahake bala kang

ndherek panjenengane, tinemu watara nem
atus kehe. [16] Sang Prabu Saul lan Pangeran
Yonatan putrane, sarta bala kang padha
ndherek, mapan ana ing Gibea Benyamin, dene
wong Filisti padha kekemah ana ing Mikhmas.
[17] Nuli ana bala njarah-rayah telung golongan
saka ing pakemahane wong Filisti; grombolan
kang kapisan metu ing dalan kang menyang
ing Ofra ing tlatah Syual. [18] Grombolan kang
kapindho metu ing Bet-Horon lan grombolan
kang sijine maneh metu ing dalan menyang
ing tapel-wates kang madhep marang lebak
Zeboim, penere pasamunan.

[19] Ing sawarataning tanah Israel ora ana
pandhe siji-sijia, amarga guneme wong
Filisti: “Wong Ibrani aja ana kang bisa gawe
pedhang utawa tumbak.” [20] Dadi wong Israel
kabeh kepeksa marani wong Filisti, yen perlu
ngasahake kejene, wadunge, kampake utawa
arite, -- [21] dene opahe tumrap kejen utawa
wadung rong pratelon sekel, dene opahe
ngasah pethel lan masang angkus sapretelon
sekel. -- [22] Temah nalika dinane peperangan
mau ora ana kang duwe pedhang utawa
tumbak, kang padha ndherek Sang Prabu Saul
lan Pangeran Yonatan. Mung Sang Prabu Saul
lan Pangeran Yonatan, kang isih kagungan.

Kaprawirane Pangeran Yonatan

13:23--14:23

23 Lan wadyabala pangawale wong Filisti wus
ana sapantha kang metu ing lowahane gunung
ing Mikhmas.

14 1 Nuju sawijining dina Pangeran
Yonatan, putrane Sang Prabu Saul
ngandika marang abdine juru ngampil
gegamane: "Payo padha nyabrang nyedhaki
bala pangawale wong Filisti kang mapan ana
ing sisih kana." Nanging ora ngaturi pirsa
marang ramane.

2 Ana dene Sang Prabu Saul lenggah ana ing
tapel-watese Gibea ing sangisore wit dlima
kang ana ing Migron. Lan wong akeh kang
ndherek Sang Prabu Saul kehe kira-kira wong
nem atus. 3 Imam Ahia bin Ahitub, sadhereke
Imam Ikabod, bin Pinehas, putrane Imam Eli,
imame Sang Yehuwah ing Silo, panjenengane
kang ngagem efod ing wektu semana. Nanging
wong akeh ora ngreti mungguh tindake
Pangeran Yonatan.

4 Ing lowahane pagunungan kang diangkah
arep disabrangi Pangeran Yonatan menyang
panggonane bala pangawale wong Filisti ana
pongole gunung parang ing sisih kene lan ing
sisih kana: kang siji aran Bozes, sijine aran
Sene. 5 Pongol kang siji menthongol ing sisih
lor ngadhepake Mikhmas, sijine ing sisih kidul
ngadhepake Geba.

6 Pangeran Yonatan ngandika marang abdine
kang ngampil gegaman iku: “Payo padha
nyabrang nyedhaki bala pangawale wong-wong
kang ikuten iku. Bokmanawa Sang Yehuwah
nyarirani perang kita, amarga tumrap Sang
Yehuwah gampang bae mitulungi, dadia karo
wong akeh, dadia karo wong sathithik.” 7 Atur
wangsulane abdi kang ngampil gegaman:
“Sumangga panjenengan dalem tindakaken
sakarsa dalem, adalem namung ndherek
kemawon.” 8 Pangandikane Pangeran Yonatan:
“Dingati-ati, kita padha nyabrang nyedhaki
lan ngaton marang wong-wong iku. 9 Manawa
kandhane marang kita mangkene: Mandhega
nganti aku padha nekani kowe, nuli kita
mandheg ing panggonan iku lan ora munggah
marani wong-wong iku. 10 Nanging manawa
kandhane mangkene: Munggaha mrene, kita
bakal munggah, amarga yen mangkono Sang
Yehuwah wus ngulungke wong-wong iku
marang tangan kita. Iku pratandhane kanggo
kita.”
11 Bareng sakarone ngaton marang bala
pangawale wong Filisti, guneme wong Filisti
mau: “Delengen, para wong Ibrani padha metu
saka ing guwa pandhelikane.” 12 Wong-wong
bala pangawale wong Filisti padha nguwuh-
uwuh marang Pangeran Yonatan lan kang
ngampil gegamane, pangucape: “Munggaha
mrene, aku arep padha ngajar kowe.”
Pangeran Yonatan banjur ngandika marang
abdine kang ngampil gegaman: “Munggaha,
ngetutna aku, amarga Sang Yehuwah wus

ngulungake wong-wong iku marang tangane
wong Israel.” 13 Pangeran Yonatan banjur
krekelan munggah, kadherekake dening
abdine. Wong iku padha mati katempuh
dening Pangeran Yonatan, dene abdine juru
ngampil gegaman, kang mateni wong-wong
iku saka ing buri. 14 Kasoran kang kapisan
kang kelakon marga saka panempuhe
Pangeran Yonatan lan abdine kang ngampil
gegaman kang oleh pepati kira-kira wong rong
puluh, iku kelakone ana ing wewengkon kang
dohe watara setengah palukon ing pategalan.
15 Tumuli tuwuh pagiris ing pakemahan, ing
ara-ara lan ing antarane rakyat kabeh. Uga
para prajurit pangawal lan tukang ngrayah
padha giris lan bumi nganti gonjing, temah
nganakake pagiris kang saka Gusti Allah.

16 Bareng para prajurite jaga-baya Sang
Prabu Saul ing Gibea-Benyamin weruh
kang mangkono iku -- lan wong padha
ribut lumaku mrana-mrene kaya alun
kang ngombak-ombak mrana-mrene. --
17 Sang Prabu ngandika marang bala kang
padha ndherek panjenengane: “Niti-priksaa
pabarisan, sapa kang ora ana.” Banjur padha
niti-priksa lan kasumurupan yen Pangeran
Yonatan karo abdine juru ngampil gegaman
ora ana. 18 Sang Prabu Saul banjur ngandika
marang Imam Ahia: “Klambine efod gawanen
mrene!” Amarga ing wektu samana Imam Ahia
kang nganggo efod ana ing antarane bangsa
Israel. 19 Nanging nalika Sang Prabu Saul lagi
wawan sabda karo imam iku, saya kisruh

kaanane ing pakemahane bangsa Filisti, temah
Sang Prabu Saul ngandika maneh marang
imam iku: “Togna bae!” [20] Sang Prabu Saul
lan sakehe wong kang ndherek panjenengane
banjur padha ngumpul; bareng padha tekan
ing papan paperangan, katon kabeh wong
padha pedhang-pinedhang, ndadekake geger
puyengan. [21] Apa maneh wong Ibrani kang
wus lawas manggon amor karo bangsa Filisti
sarta kang wus melu maju perang awor karo
wadya-balane padha mbalik ngiloni para
wong Israel, kang padha ndherek Sang Prabu
Saul lan Pangeran Yonatan. [22] Malah, bareng
sakehing wong Israel kang padha umpetan
ing pagunungan Efraim krungu, yen bangsa
Filisti padha keplayu, para wong iku padha
manunggal ana ing paprangan. [23] Mangkono
anggone Sang Yehuwah mitulungi wong Israel
ing dina iku. Peperangan iku ngambra-ambra
nganti ngliwati Bet-Awen.

Pangeran Yonatan luwar saka ing ipat-ipat

14:24-46

[24] Bareng wong Israel padha kesuk ing dina
iku, Sang Prabu Saul dhawuh marang rakyat
supaya ngucapake ipat-ipat, pangandikane:
“Kenaa ing ipat-ipat wong kang mangan
apa-apa sadurunge srengenge angslup lan
sadurunge males ukum marang mungsuhku.”
Mulane ora ana wong siji-sijia kang mangan
apa-apa. [25] Lakune bala akeh iku tekan
ing alas lan ing kono ana madu ing lemah.

26 Bareng rakyat tekan ing alas mau, katon
ana madu mili ana ing kono, nanging ora ana
wong siji-sijia kang ndulit srana drijine lan
banjur kacecep, amarga rakyat iku padha wedi
marang supatane mau.
27 Mung Pangeran Yonatan ora miyarsa
manawa ramane wus dhawuh supata marang
wong akeh. Panjenengane ngacungake teken
kang ana ing astane lan pucuke dicelupake ing
tala madu; nuli ndulit karo astane kacecep,
temah tingale dadi padhang. 28 Tumuli ana
salah sawijining wong saka ing antarane
rakyat iku, kang ngucap mangkene: "Rama
dalem sampun ndawuhi rakyat supados supaos
kalayan saestu, pangandikanipun: Kenaa
ing ipat-ipat wong kang mangan apa-apa
ing dina iki; milanipun tiyang kathah sami
sayah lan lemes." 29 Pangeran Yonatan banjur
ngandika: "Kanjeng rama gawe cilakane
negara mara delengen, mripatku dadi padhang
banget, sabubare aku ngicipi madu sathithik
iki. 30 Apamaneh, saupama wong akeh ing
dina iki diparengake mangan sawarege saka
oleh-olehane rayahaning mungsuh! Nanging
saiki ora sapiraa kalahe bangsa Filisti."
31 Ing dina iku wong Israel wis ngalahake
bangsa Filisti saka ing Mikhmas tutug ing
Ayalon. Rakyat wis sayah lan nglentrih
banget, 32 mulane padha nempuh rayahane,
padha njupuk wedhus, sapi lan pedhet, iku
padha disembelehi mangkono bae ana ing
lemah lan dipangan sagetihe. 33 Bab iku nuli
diaturake marang Sang Prabu Saul, unjuke:

“Kauningana, rakyat sami lampah dosa
wonten ing ngarsanipun Sang Yehuwah, inggih
punika anggenipun nedha dalah saerahipun.”
Sang Prabu Saul banjur ngandika: “Kowe
padha laku cidra, padha ngglundhungna watu
gedhe mrene, saiki uga.” 34 Sang Prabu Saul
nuli ngandika maneh: “Padha midera ing
satengahing rakyat lan padha kandhanana:
Saben wong nggawaa sapine utawa wedhuse
marang ing ngarsaku, iku belehen ing kene,
kowe nuli kena mangan. Nanging aja nglakoni
dosa ana ing ngarsane Sang Yehuwah, yaiku
mangan sagetihe.” Wong kabeh nuli padha
nuntun sapine mrana ing bengi iku lan
disembeleh ana ing kana. 35 Sang Prabu Saul
banjur yasa misbyah sumaos marang Sang
Yehuwah, yaiku wiwitane ana misbyah sumaos
marang Sang Yehuwah.
36 Sang Prabu Saul ngandika maneh: “Payo
kita padha mburu wong Filisti ing bengi
iki, lan njarahi nganti bangun esuk sarta
aja ana kang diuripi siji-sijia.” Ature wong
akeh iku: “Sumangga katindakna punapa
ingkang kagalih prayogi.” Nanging ature
imam: “Sumangga sami sowan dhateng ing
ngarsanipun Sang Yehuwah rumiyin.” 37 Sang
Prabu banjur neges marang Gusti Allah,
unjuke: “Punapa kawula kepareng mbujeng
tiyang Filisti punika? Punapa Paduka badhe
masrahaken tiyang-tiyang punika dhateng ing
tanganipun tiyang Israel?” Nanging ing dina iku
Panjenengane ora paring wangsulan marang
Sang Prabu Saul. 38 Sang Prabu Saul banjur

ngandika: "He sakehing panggedhening rakyat
padha majua mrene; padha titipriksanen
apa jalarane dosa kang kelakon ing dina iki.
39 Amarga demi asmane Sang Yehuwah, kang
gesang, kang mitulungi Israel, sanadyan kang
njalari iku putraku Yonatan, iku mesthi bakal
kaukum pati!" Nanging ing antarane rakyat ora
ana wong siji-sijia kang ngaturi wangsulan.
40 Wasana Sang Prabu Saul ngandika marang
sakehe wong Israel: "Kowe padha ngadega
ana ing sisih kana, dene aku lan putraku
Yonatan ana ing sisih kene." Wong akeh banjur
munjuk marang Sang Prabu Saul: "Sumangga
katindakna, punapa ingkang kagalih prayogi."
41 Sang Prabu Saul banjur matur mangkene:
"Dhuh Sang Yehuwah, Gusti Allahipun Israel,
kenging punapa Paduka boten karsa paring
wangsulan dhumateng abdi Paduka ing
dinten punika? Manawi kalepatan punika
dumunung wonten ing kawula utawi anak
kawula, dhuh Sang Yehuwah, Gusti Allahipun
Israel, Paduka tedahna Urim punika, nanging
manawi kalepatan punika dumunung wonten
ing umat Paduka Israel, Paduka tedhahna
Tumim." Nuli kang katuding Pangeran Yonatan
lan Sang Prabu Saul, nanging wong akeh
temah bebas.
42 Pangandikane Sang Prabu:
"Uncalna undhine kanggo antarane aku
lan putraku Yonatan." Nuli kang katuding
Pangeran Yonatan.
43 Pangandikane Sang
Prabu marang Yonatan: "Matura marang
aku apa kang koklakoni." Pangeran Yonatan
nuli matur marang Sang Prabu mangkene:

“Pancen, kawula sampun ngicipi raosipun maben sakedhik, ingkang wonten ing pucuking teken ingkang kawula cepeng. kawula sandika nglampahi paukuman pejah.”

44 Pangandikane Sang Prabu Saul: “Aku muga diganjara paukuman dening Gusti Allah mangkene, malah luwiha saka iku! Lah
Yonatan kowe kudu mati.” 45 Nanging wong
akeh padha munjuk marang Sang Prabu Saul: “Kenging punapa Pangeran Yonatan kedah kasedanan? Rak panjenenganipun ingkang angsal kaunggulan ageng wonten ing Israel. Punika sampun ngantos kelampahan! Demi asmanipun Sang Yehuwah ingkang gesang, remanipun saeler kemawon sampun ngantos dhawah ing siti! Amargi saking pitulunganipun Sang Yehuwah ugi prakawis punika kelampahan ing dinten punika.” Mengkono wong akeh anggone nguwalake Pangeran Yonatan, temah ora kasedanan.

46 Sawuse Sang Prabu Saul mbujeng wong Filisti, banjur kondur, menyang ing daleme maneh, dene wong Filisti iya nuli padha mulih menyang ing omahe.

Cathetan bab para mungsuh lan kulawargane Sang Prabu Saul

14:47-52

47 Sawuse Sang Prabu Saul jumeneng ratu, ngereh Israel panjenengane banjur mangsah perang nglawan sakehe mungsuhe ing ngendi-endi, yaiku: Moab, bani Amon, Edom,

para ratu ing tanah Zoba lan wong Filisti. Lan
menyanga ngendia bae pangluruge mesthi
unggul. 48 Panjenengane nindakake pakaryan
kang linuwih, ngasorake wong Amalek lan
ngluwari Israel saka ing tangane kang padha
njarahi.
49 Putra-putrane kakung Sang Prabu Saul,
yaiku Pangeran Yonatan, Yiswi lan Malkisua.
Asmane putrane putri loro: Kang pembajeng
asma Merab lan kang wuragil Mikhal.
50 Garwane Sang Prabu asmane: Ahinoam,
putrane Sang Ahimaas. Senapatine asma
Abner, putrane Sang Ner, pamane Sang Prabu
Saul. 51 Sang Kisy ramane Sang Prabu Saul
lan Sang Ner, ramane Sang Abner, iku padha
putrane Sang Abiel.
52 Salawase Sang Prabu Saul jumeneng nata
tansah ana paprangan kang nggegirisi nglawan
bangsa Filisti. Lan sakehe pahlawan sarta
wong kang gagah prakosa padha kadadekake
prajurite.

Sang Prabu Saul katampik anggone jumeneng ratu

15:1-35

15 1 Nabi Samuel matur marang Sang
Prabu Saul: "Kawula sampun dipun utus
dening Sang Yehuwah njebadi panjenengan
dalem dados ratu ngereh Israel umatipun;
milanipun mugi karsaa miyarsakaken dhateng
pangandikanipun Sang Yehuwah. 2 Makaten
pangandikanipun Sang Yehuwah, Gustining

sarwa dumadi: Ingsun arsa males ukum
marang bangsa Amalek, tumrap apa kang
ditindakake marang wong Israel, yaiku
anggone wong Amalek ngalang-alangi bangsa
Israel, nalika lunga saka ing tanah Mesir.
3 Mulane saiki mangkata, wong Amalek iku
telukna, apa kang tinemu ana ing wong-wong
iku sirnakna sarta aja ana kang sira welasi.
Wonge lanang, wonge wadon, bocah-bocahe
lan pasusone, sapine lan wedhuse, untane lan
kuldine, kabeh padha patenana."
4 Sang Prabu banjur nimbali rakyat
kadhawuhan nglumpuk lan banjur mriksa
pabarisane ana ing Telaim: bala dharat ana
wong rong atus ewu lan sapuluh ewu saka ing
Yehuda. 5 Bareng Sang Prabu Saul wus rawuh
ing kuthane wong Amalek nuli ndhawuhi
para wadyabala supaya nyegat ing lebak.
6 Pangandikane Sang Prabu Saul marang
bangsa Keni: "Padha lungaa, ngadoha, lan
sumingkira saka ing satengahe wong Amalek,
supaya kowe aja nganti padha daktumpes
bareng karo para wong iku. Sira rak wus
padha ngatonake pamitranira karo wong
Israel, nalika padha lunga saka ing tanah
Mesir?" Mulane wong Keni banjur padha
sumingkir saka ing tengah-tengahe wong
Amalek. 7 Sang Prabu Saul banjur nggepuk
lan ngasorake bangsa Amalek wiwit saka ing
Hawila tutug ing Syur ing sawetane tanah
Mesir. 8 Sang Prabu Agag, ratu ing Amalek
dicepeng isih gesang, nanging balane kabeh
padha katumpes klawan landheping pedhang.

9 Nanging Sang Prabu Saul sabalane ngluwari
Sang Prabu Agag, wedhus-wedhuse, apadene
sapi-sapi kang becik-becik lan lemu-lemu,
dalah cempe-cempene sarta samubarang
kang pangaji, iku kabeh ora disirnakake. Mung
sakehing kewan lan barang kang ora pangaji
tur ala iku kabeh padha ditumpes.
10 Nuli ana pangandikane Sang Yehuwah
marang Nabi Samuel mangkene: 11 "Ingsun
kaduwung dene njumenengake ratu Saul,
amarga wong iku wus nyingkur marang
Ingsun lan nglirwakake dhawuhingSun." Nabi
Samuel temah sekel galihe, nyebut marang
Sang Yehuwah sawengi muput. 12 Nabi Samuel
wungu ing wayah bangun esuk sumedya
manggihi Sang Prabu Saul, nanging Nabi
Samuel diaturi pirsa mangkene: "Sang Prabu
sampun tedhak dhateng Karmel kala wau lan
sampun ngadegaken tugu pengetan kangge
sariranipun; lajeng mengker tindak dhateng
ing Gilgal."
13 Bareng Nabi Samuel kepanggih karo
Sang Prabu Saul, pangandikane Sang Prabu
Saul marang Nabi Samuel: "Panjenengan
binerkahana dening Sang Yehuwah; kula
sampun ngestokaken dhawuhipun Sang
Yehuwah." 14 Nanging Nabi Samuel matur:
"Manawi makaten kenging punapa kok wonten
pangembeking menda lan pambengahing
lembu ingkang kapireng ing kuping kawula?"
15 Wangsulanipun Sang Prabu Saul: "Sadaya
punika anggenipun mbekta saking tanah
Amalek, amargi para tiyang sami ngeman

menda-menda lan lembu-lembu ingkang
sae piyambak, niyatipun badhe kangge
kurban sumaos dhateng Sang Yehuwah, Gusti
Allah panjenengan, nanging salangkungipun
sampun sami kula sirnakaken.” 16 Nabi
Samuel ngandika marang Sang Prabu:
“Inggih sampun: Kawula badhe ngaturaken
pangandikanipun Sang Yehuwah dhumateng
kawula kala wau dalu.” Pangandikane Sang
Prabu marang Nabi Samuel: “Sumangga
kadhawuhna.”
17 Sawuse iku Nabi Samuel matur: “Sanadyan
panjenengan dalem piyambak sampun
ngakeni alit, rak sampun kajunjung dados
pangagengipun para taler Israel? Lan Sang
Yehuwah rak sampun njebadi panjenengan
dalem dados ratunipun bangsa Israel? 18 Sang
Yehuwah sampun dhawuh nglurug dhateng
panjenengan dalem, kanthi piweling: Sira
mangkata, nglurugana wong kang padha
nglakoni dosa iku, padha sirnakna, yaiku wong
Amalek. Sira peranga nglawan wong-wong
iku, iku padha sira tumpesa. 19 Punapaa dene
panjenengan dalem kok boten ngestokaken
dhawuhipun Sang Yehuwah? Kenging punapa
panjenengan dalem mundhut barang-barang
jarahan lan nindakaken punapa ingkang awon
tumrap ing paningalipun Sang Yehuwah?”
20 Sang Prabu Saul banjur ngandika
marang Nabi Samuel: “Kula rak sampun
ngestokaken sabdanipun Sang Yehuwah lan
sampun nglampahi ingkang kadhawuhaken
dening Sang Yehuwah dhateng kula lan kula

mbandhang raja Agag, ratu ing Amalek,
nanging tiyang Amalek sampun kula tumpes
sadaya. 21 Nanging rakyat sami mendheti
jarahan ingkang rupi menda, punapa
dene, lembu-lembu ingkang pethingan,
ingkang dipun pisah saking ingkang pancen
badhe kapejahan, badhe kakurbanaken
sumaos dhateng Sang Yehuwah, Gusti Allah
panjenengan, wonten ing Gilgal.” 22 Nanging
ature Nabi Samuel:

“Punapa Sang Yehuwah karenan dhateng
kurban obaran lan kurban sembelehan
sami kaliyan pambangun turut dhateng
sabdanipun Sang Yehuwah?
Mbangun turut punika saestu langkung sae
katimbang kurban sembelehan,
nggatosaken langkung sae katimbang
gajihipun menda jaler.
23 Amargi pambalila punika sami kaliyan
dosanipun patenungan
lan pandlarung punika sami kaliyan
nyembah brahala lan terafim.
Sarehne panjenengan dalem sampun
nampik dhateng pangandikanipun Sang
Yehuwah,
mila Sang Yehuwah inggih nampik
panjenengan dalem, badhe kalungsur
anggen panjenengan dalem dados ratu.”

24 Pangandikane Prabu Saul marang Nabi
Samuel: “Kula sampun nglampahi dosa,
amargi sampun nerak dhawuhipun Sang
Yehuwah lan pangandika panjenengan;
sarehne kula ajrih dhateng rakyat milanipun

kula nuruti panyuwunipun. [25] Dene sapunika
mugi panjenengan apunten dosa kula. Karsaa
wangsul nyarengi lampah kula, kula badhe
sujud ngabekti dhateng Sang Yehuwah."
[26] Nanging Nabi Samuel matur marang
Sang Prabu Saul: "Kawula boten badhe
wangsul nyarengi panjenengan dalem, amargi
panjenengan dalem sampun nampik dhateng
pangandikanipun Sang Yehuwah; milanipun
Sang Yehuwah sampun nampik panjenengan
dalem anggen panjenengan dalem dados
ratunipun Israel."
[27] Bareng Nabi Samuel minger arep tindak,
Sang Prabu Saul ngasta poncoting jubahe
Nabi Samuel, temah suwek. [28] Nabi Samuel
banjur matur marang Sang Prabu Saul:
"Sang Yehuwah sampun nyuwek kapraboning
Israel saking panjenengan dalem ing dinten
punika lan sampun kaparingaken dhateng
tiyang sanes ingkang langkung utami
katimbang panjenengan dalem. [29] Punapa
malih Sang Minulya ing Israel punika boten
dora lan Panjenenganipun boten nate
keduwung, amargi Panjenenganipun sanes
manungsa ingkang wajib nggetuni." [30] Nanging
pangandikane Sang Prabu Saul: "Kula sampun
nglampahi dosa, nanging panjenengan mugi
keparenga ngatingalaken hurmat panjenengan
dhumateng kula sapunika wonten ing
ngajengipun tiyang Israel, kula aturi wangsul
nyarengi kula, kula badhe sujud ngabekti
dhumateng Sang Yehuwah, Gusti Allah
panjenengan." [31] Sawuse iku Nabi Samuel bali

nyarengi tindake Sang Prabu Saul. Lan Sang
Prabu sujud ngabekti marang Sang Yehuwah.
32 Nabi Samuel banjur dhawuh: “Agag ratu
ing Amalek, iku ladekna mrene!” Kathi tatag
Prabu Agag tindak murugi panjenengane,
amarga osike: “Lah pagirising pati wis kliwat.”
33 Nanging Nabi Samuel ngandika: “Kaya dene
pedhangmu kang marakake wong wadon
padha kelangan anak, mangkono uga ibumu
bakal kelangan anak ana ing antarane wong
wadon.” Sawuse iku Nabi Samuel nigas
janggane Prabu Agag ana ing ngarsane Sang
Yehuwah ana ing Gilgal.
34 Wasana Nabi Samuel banjur tindak
menyang ing Rama, nanging Sang Prabu Saul
kondur menyang ing daleme ing Gibea-Saul.
35 Nganti tumeka sedane Nabi Samuel ora
kepanggih karo Sang Prabu Saul maneh,
nanging Nabi Samuel banget sekel galihe,
marga saka Sang Prabu Saul. Lan Sang
Yehuwah keduwung galihe, dene njunjung
Sang Prabu Saul dadi ratune bangsa Israel.

Dawud kajebadan dadi ratu

16:1-13

16 1 Pangandikane Sang Yehuwah marang
Nabi Samuel: “Sapira lawase anggonira
nandhang prihatin, marga saka Saul? Wong
iku rak wus Suntampik anggone dadi ratune
Israel? Wadhahira sungu isenana lenga lan
mangkata. Sira Sunutus menyang ing omahe
Isai, wong Betlehem, awit anake ana kang

Sunpilih dadi ratu tumrap Ingsun.”
2 Nanging
Nabi Samuel munjuk: “Kados pundi anggen kawula badhe mangkat? Manawi Sang Prabu Saul mireng bab punika, temtu kawula dipun pejahi.” Pangandikane Sang Yehuwah: “Nggawaa sapi nom lan tutura: Tekaku iki arep nyaosake kurban marang Sang Yehuwah.
3 Tumuli Isai undangen supaya nekani upacara pangurbanan iku lan Ingsun bakal paring sumurup marang sira, apa kang wajib sira lakoni. Banjur wong kang Suntuding iku jebadana kagem Ingsun.”
4 Nabi Samuel nuli
nindakake apa kang kadhawuhake dening Sang Yehuwah, lan rawuh ana ing kutha Betlehem. Para tuwa-tuwane kutha kono methukake Nabi Samuel kanthi gumeter lan matur: “Rawuh panjenengan punika punapa kanthi raharja?”
5 Wangsulane Nabi Samuel:
“Iya mangkono! Tekaku iki arep saos kurban marang Sang Yehuwah. Padha sesucia lan nekanana upacara saos kurban iki karo aku.” Nabi Samuel banjur nucekake Isai dalah anak-anake lanang sarta ngulemi wong-wong iku marang ing upacara saos kurban mau.
6 Bareng padha lumebu, Nabi Samuel mirsani
marang Eliab banjur mosik: “Lah wong kang bakal jinebadan saiki ngadeg ana ing ngarsane Sang Yehuwah.”
7 Nanging pangandikane Sang
Yehuwah marang Nabi Samuel: “Aja mawang marang paraupan lan dhuwuring dedege, amarga iku wis Suntampik. Pamirsane Gusti Allah iku beda karo pamawange manungsa; manungsa mung nyawang marang kang

kasat-mripat; nanging Sang Yehuwah mirsani
isining atine.”
8 Isai nuli ngundang Abinadab lan dikon
lumaku liwat ing ngarsane Nabi Samuel,
nanging Nabi Samuel ngandika: “Wong iki iya
ora dipilih dening Sang Yehuwah.” 9 Isai banjur
ngundang Syama, nanging Nabi Samuel
ngandika: “Wong iki uga ora dipilih dening
Sang Yehuwah.” 10 Mangkono anggone Isai
akon anake pitu lumaku liwat ana ing ngarsane
Nabi Samuel, nanging Nabi Samuel ngandika
marang Isai: “Iku kabeh ora ana kang dipilih
dening Sang Yehuwah.”
11 Nabi Samuel ngandika marang Isai: “Apa
iki wis anakmu kabeh?” Wangsulane Isai:
“Ingkang wuragil taksih kantun, nanging
saweg angen menda.” Nabi Samuel dhawuh
marang Isai: “Mara undangen amarga aku
ora bakal kembul mangan, sadurunge iku
teka mrene.” 12 Tumuli kongkonan methuk
anake. Pasemone sumringah, mripate endah,
warnane bagus. Sang Yehuwah banjur
ngandika: “Ngadega jebadana, yaiku wonge!”
13 Nabi Samuel banjur mundhut wadhahe
sungu kang isi lenga lan Dawud dijebadi ana
ing satengahing sadulur-sadulure. Wiwit ing
dina iku lan sabanjure Rohe Sang Yehuwah
nunggil karo Dawud. Nabi Samuel banjur
tindak kondur menyang ing Rama.

Dawud ana ing kratone Sang Prabu Saul

16:14-23

14 Nanging Rohe Sang Yehuwah wis nilar Sang
Prabu Saul lan saiki panjenengane dibidhung
dening roh ala utusane Sang Yehuwah. 15 Para
abdine tumuli padha munjuk: "Kauningana,
roh awon utusanipun Gusti Allah mbidhung
panjenengan dalem. 16 Prayoginipun Gusti
kawula ndhawuhana para abdi dalem ingkang
sowan wonten ing ngarsa dalem, ngupados
tiyang ingkang baud nylempung. Samangsa
roh awon utusanipun Gusti Allah ndhatengi
panjenengan dalem, tiyang wau kadhawuhana
nylempung, supados panggalih dalem kraos
tentrem." 17 Sang Prabu Saul banjur dhawuh
marang para abdi: "Ingsun goleknа wong
kang baud nylempung, timbalana sowan ana
ing ngarsaningsun." 18 Sawenehing abdine
ana kang munjuk: "Sajatosipun kawula nate
sumerep salah satunggaling anakipun Isai,
tiyang Betlehem, ingkang pinter nylempung.
Tiyang punika prawira gagah prakosa,
satunggaling prajurit, ingkang pinter wicara,
warninipun bagus, lan Sang Yehuwah nunggil
kaliyan piyambakipun."

19 Sang Prabu Saul banjur utusan
wong menyang ing omahe Isai kanthi
piweling: "Anakira Dawud, pangoning
wedhus-wedhusira, konen seba marang
ing ngarsaningsun." 20 Isai banjur njupuk
kuldi dimomoti roti, anggur saimpes, lan

cempe siji, iku nuli diaturake marang Sang
Prabu Saul lumantar Dawud, anake. 21 Kaya
mangkono dadine Dawud banjur sowan
marang ing ngarsane Sang Prabu Saul lan
didadekake abdine. Sang Prabu tresna banget
marang Dawud lan didadekake juru ngampil
gegamane. 22 Mulane Sang Prabu Saul nuli
utusan wong marang ing omahe Isai kanthi
piweling: "Cikben Dawud dadi abdiningsun,
amarga ingsun seneng marang dheweke."
23 Lan samangsa roh ala utusane Gusti Allah
nyurupi Sang Prabu Saul, Dawud banjur
njupuk clempunge dionekake; Sang Prabu Saul
temah rumaos lega lan ngraosake kepenak,
dene rohe kang ala ngunduri panjenengane.

Goliat nantang wadyabala Israel

17:1-11

17 1 Wong Filisti ngumpulake wadyabala
arep nglurug perang; anggone ngumpul
ana ing Sokho ing tanah Yehuda lan ngadegake
kemah ana ing antarane Sokho lan Azeka ing
Efes-Damim. 2 Sang Prabu Saul lan wong Israel
uga padha ngumpul lan ngadegake kemah ana
ing Lebak Wit-Ela sarta padha nata gelaring
perang andhep-adhepan karo wong Filisti.
3 Wong Filisti mapan ana ing gunung sisih
kene lan wong Israel ana ing sisih kana, ing
antarane ana lebak. 4 Tumuli ana agul-agule
bala Filisti kang metoni, jenenge Goliat wong
ing Gat. Dedege nem asta sakilan. 5 Nganggo
topong tembaga ana ing sirahe, lan nganggo

klambi kere mawa sisik, boboting klambine
kere limang ewu sekel tembaga. 6 Garese
nganggo tebeng tembaga, manggul tumbak
tembaga ing pundhake. 7 Garaning tumbake
sagulungan tenunan, lan wilahe tumbake wesi
bobote nem atus sekel. Ana juru nggawa
tameng lumaku ing ngarepe.
8 Wong iku banjur ngadeg lan sesumbar
marang barisan Israel, pangucape: "Apa
perlune kowe ngetoni nata gelaring perang?
Aku iki rak wong Filisti lan kowe padha bature
Saul? Miliha wong siji, kareben mudhun
mapagage perangku. 9 Yen wong iku bisa
menang perange tandhing karo aku lan
ngasorake aku, aku bakal padha ngawula
marang kowe. Nanging yen aku bisa unggul
lan ngalahake dheweke, kowe bakal padha
dadi kawulaku lan teluk marang bangsaku."
10 Wong Filisti mau celathu maneh: "Ing dina
iki aku nantang barisan Israel, ngajokna wong
siji supaya aku perang tandhing ijen padha
ijen." 11 Bareng Sang Prabu Saul lan sakehe
bangsa Israel krungu tembunge wong Filisti
iku, atine padha kekes lan banget giris.

Dawud teka ing paprangan

17:12-39

12 Dawud iku anake wong Efrata, ing
Betlehem-Yehuda, kang aran Isai. Isai duwe
anak lanang wolu. Nalika jumenenge Sang
Prabu Saul wong iku wis tuwa lan akeh umure.
13 Anake Isai lanang telu, kang gedhe-gedhe

wis maju perang ndherek Sang Prabu Saul,
anake telu kang mangkat perang iku arane:
Eliab kang pembarep, kang penggulu:
Abinadab lan kang pendhadha: Syama.
14 Dene wuragile: Dawud. Dadine anake
lanang-lanang telu kang gedhe-gedhe padha
ndherek Sang Prabu Saul. 15 Anadene Dawud
iku saben-saben mulih menyang ing omahe
sawise seba marang ing ngarsane Sang Prabu
Saul, banjur ngengon wedhuse bapakne ana
ing Betlehem.

16 Wong Filisti iku tansah metoni lan nyedhak
ing wayah awan lan sore. Mangkono anggone
tansah metoni nganti patang puluh dina
lawase.

17 Isai celathu marang Dawud, anake:
"Njupuka emping gandum iki saefa lan roti
sepuluh iki kanggo kakang-kakangmu, enggal-
enggal eterna menyang ing pakemahan,
wenehna kakang-kakangmu. 18 Lan keju kang
sepuluh iki caosna marang panggedhene
wadya-bala sewu. Takokna kaslametane
kakang-kakangmu lan ulihmu nggawaa
pratandha saka kana. 19 Sang Prabu Saul
lan sakehe wong Israel padha ana ing Lebak
Wit-Ela lagi perang nglawan bala Filisti."

20 Ing wayah umun-umun Dawud wis tangi,
masrahake wedhus-wedhuse marang wong
jaga, mikul gegawane lan banjur mangkat
kaya kang kaprentahake dening Isai. Tekane
ing pakemahan pinuju wadya-bala lagi budhal
lan nata pabarisan sarta padha surak rame
alok-alok perang. 21 Wadya-bala Israel lan

Filisti padha nata barise adhep-adhepan.
22 Dawud banjur nyelehake gegawane lan
dipasrahake marang prajurit kang jaga
barang-barange wadya-bala. Dawud banjur
lumayu menyang ing pabarisan; satekane
ing kana nakokake mungguh kaslametane
para sadulure. 23 Nalika lagi padha guneman,
agul-agule bala Filisti mau maju, arane
Goliat, wong Filisti saka ing Gat, metu saka
pabarisane bala Filisti sarta ngumbar swara
kaya sing uwis-uwis, kang keprungu dening
Dawud.
24 Bareng sakehe wong Israel ndeleng wong
iku padha lumayu mundur saka ngarepe,
amarga saka wedine. 25 Pangucape wong
Israel iku: "Apa kowe wis tau tumon wong
kang maju iku? Sanyatane anggone maju
iku prelu ngala-ala wong Israel! Wong kang
bisa ngalahake dheweke bakal kaparingan
ganjaran gedhe, arep ditrimani putrane putri
Sang Prabu lan kulawargane bakal ora susah
mbayar pajeg ana ing Israel."
26 Dawud banjur kandha marang wong
kang padha ana ing sandhinge: "Badhe
tampi ganjaran punapa tiyang ingkang saged
ngawonaken tiyang Filisti punika lan ngicali
kalingsemanipun bangsa Israel? Sinten ta
tiyang Filisti ingkang boten tetak punika, dene
ngantos kamipurun nyepelekaken barisanipun
Gusti Allah ingkang asipat gesang?" 27 Rakyat
iya banjur mangsuli nganggo tembung kang
kasebut ing dhuwur mau: "Iku kang bakal

kaganjarake marang wong kang ngalahake
dheweke.”
28 Nalika Eliab, kakangne kang tuwa dhewe,
krungu tembunge Dawud marang para
wong iku, Eliab nepsu marang Dawud, karo
muni: “Apa perlune kowe teka mrene? Lan
wedhusmu kang mung loro telu kang ana ing
pasamunan iku kokpasrahake sapa? Aku ngreti
watakmu bab kadukwanimu lan alaning atimu:
tekamu mrene iki rak mung arep nonton
perang ta?” 29 Nanging Dawud mangsuli: “Aku
iki ngapa ta? Aku rak mung takon ta?” 30 Nuli
minger ninggal kakangne lan nakokake kang
kaya mangkono iku marang wong liyane. Lan
rakyat wangsulane iya padha bae kaya mau.
31 Tembung kang kaucapake Dawud iku
keprungu ing wong, banjur diaturake marang
Sang Prabu Saul. Lan Sang Prabu nuli utusan
nimbali. 32 Dawud matur marang Sang Prabu
Saul: “Sampun ngantos sami nglokro, jalaran
saking tiyang punika. Abdi dalem badhe
mengsah nandhingi tiyang Filisti punika.”
33 Nanging Sang Prabu ngandika marang
Dawud: “Mokal sira bisa nandhingi wong
iki, amarga sira iku isih anom, mangka
wong iku wiwit enom wis dadi prajurit.”
34 Nanging Dawud matur marang Sang
Prabu: “Abdi dalem punika sampun kulina
ngengen menda-mendanipun bapakipun
dalem. Samangsa kadhatengan singa utawi
bruwang, ingkang nubruk menda saking
pepanthan, 35 nunten dalem oyak lan menda
wau dalem rebat saking cangkemipun. Lajeng

manawi nempuh nglawan dhateng dalem,
dalem cepeng jenggotipun sarta dalem gebagi
ngantos pejah.
36 Dados singa utawi bruwang
wau sami dalem gebagi. Lan tiyang Filisti
ikutan punika ugi badhe nemahi kados dene
salah satunggalipun kewan punika, awit dene
sampun ngawon-awon barisanipun Gusti
Allah ingkang asipat gesang.”
37 Dawud matur
maneh: “Sang Yehuwah, ingkang sampun
ngluwari kawula saking cengkeremanipun
singa utawi bruwang punika, Panjenenganipun
ugi badhe ngluwari kawula saking tanganipun
tiyang Filisti punika.” Sang Prabu banjur
ngandika: “Iya wis mangkata! Sang Yehuwah
muga nganthia lakunira.”
38 Sang Prabu banjur
nganggokake pangagemane perang marang
Dawud, sirahe dianggoni topong tembaga,
lan dianggoni klambi kere.
39 Dawud nuli
nyabukakake pedhange ing jabane sandhangane
perang, banjur njajal lumaku, amarga durung
tau manganggo kaya mangkono. Dawud
banjur matur marang Sang Prabu: “Kawula
boten saged mlampah, ngangge sandhangan
punika awit dereng nate ngangge.” Wasana
sandhangane dirucati.

Perange Dawud nglawan Goliat

17:40-58

40 Dawud banjur nyangking tekene, milih
watu klimis-klimis limang iji saka ing dhasare
kali, dilebokake ing kasang pangon, kang
digawa, yaiku wadhah watu lan bandhile

dicangking. Mangkono anggone Dawud
mapagake wong Filisti iku. 41 Wong Filisti
iku sangsaya nyedhak marang Dawud lan
wong kang nggawa tameng ana ing ngarepe.
42 Nalika wong Filisti iku mulat lan ndeleng
Dawud, Dawud diremehake, amarga anom
sumringah lan bagus. 43 Wong Filisti iku celathu
marang Dawud: “Aku iki apa koksengguh asu,
dene anggonmu mapagake perangku nganggo
teken?” Tumuli atas jenenge para allahe wong
Filisti, ngipat-ipati Dawud. 44 Wong Filisti iku
celathu marang Dawud maneh: “Papagna
perangku, aku bakal makakake dagingmu
marang manuk-manuk ing awang-awang lan
satokewan ing ara-ara.”

45 Nanging Dawud celathu marang wong
Filisti iku: “Anggonmu mapagake aku kalawan
nggawa pedhang lan tumbak sarta tlempak,
nanging aku methukake kowe atas asmane
Sang Yehuwah Gustining sarwa dumadi Gusti
Allahe Israel, kang koktantang iku. 46 Ing dina
iki uga Sang Yehuwah bakal masrahake kowe
marang ing tanganku lan aku bakal ngasorake
kowe sarta nugel gulumu; ing dina iki uga aku
bakal makakake bathangmu lan bathange bala
Filisti marang manuk-manuk ing awang-awang
lan marang kewan galak, supaya salumahing
bumi padha sumurupa, yen Israel duwe Allah.
47 Lan wong sapasamuwan padha ngretia,
manawa Sang Yehuwah anggone mitulungi
ora mawa pedhang lan tlempak. Amarga
peperangan iku ana ing astane Sang Yehuwah

lan Panjenengane masrahake kowe ana ing
tanganku.”
48 Bareng wong Filisti iku mangsah mapagake
Dawud, Dawud enggal-enggal mlayu marani
barisaning mungsuh mapagake wong Filisti
iku. 49 Dawud banjur ngrogoh watu ana ing
kasange lan dibandhilake, ngenani bathuke
wong Filisti iku, temah watune angrem ana
ing bathuke, wong mau banjur tiba kerungkeb
ana ing bumi. 50 Mangkono anggone Dawud
ngasorake wong Filisti iku nganggo bandhil
lan watu; Dawud ngasorake lan mateni
wong Filisti iku tanpa nyekel pedhang.
51 Dawud banjur mlayoni wong Filisti iku,
ngadeg ing sandhinge, pedhange diunus saka
warangkane, wong mau banjur dipateni.
Sirahe ditigas karo pedhang iku. Bareng
wong Filisti padha ndeleng, yen agul-agule
wus mati, nuli padha mlayu. 52 Wong Israel
lan wong Yehuda padha gumregah karo
surak-surak lan banjur mbujeng wong Filisti
nganti tekan ing sacedhake Gat lan gapurane
Ekron. Lan wong kang padha dipateni saka
panunggalane bangsa Filisti pating glimpang
ana ing dalan kang anjog ing Saaraim, tekan
ing Gat lan ing Ekron. 53 Wong Israel banjur
padha mulih saka anggone ngoyak-oyak wong
Filisti kang ngebat-ebati iku, banjur njarah
rayah pakemahane. 54 Dawud njupuk sirahe
wong Filisti kang ditugel iku digawa menyang
Yerusalem, nanging gegamane didokok ana
ing kemahe.

55 Nalika Sang Prabu Saul mirsa Dawud
mangsah mapagake wong Filisti iku, Sang
Prabu ndangu marang Sang Abner, senapatine
perang: “Wong anom iku anake sapa, Abner?”
Atur wangsulane Senapati Abner: “Demi asma
dalem ingkang gesang, dhuh Sang Prabu,
sayektosipun kawula boten mangertos.”
56 Sang Prabu nuli ngandika; “Dangunen,
wong anom iku anake sapa?” 57 Sawise
Dawud bali saka nggone ngalahake wong
Filisti mau, Senapati Abner nimbali dheweke
kasowanake ing ngarsane Sang Prabu Saul,
klawan isih nyangking sirahe wong Filisti iku.
58 Pandangune Sang Prabu Saul: “He wong
anom, sira iku anake sapa?” Atur wangsulane
Dawud: “Kawula punika anakipun abdi dalem
Isai, tiyang ing Betlehem.”

Dawud lan Pangeran Yonatan

18:1-5

18 1 Bareng wus rampung anggone
Dawud munjuk marang Sang Prabu
Saul, galihe Pangeran Yonatan cumanthel
marang Dawud lan Pangeran Yonatan nresnani
Dawud prasasat marang sarirane piyambak.
2 Ing dina iku Dawud kadhawuhan ndherek
Sang Prabu Saul lan ora kepareng mulih
menyang omahe wong tuwane. 3 Pangeran
Yonatan nganakake prajanjian karo Dawud
awit dene panjenengane anggone nresnani
Dawud prasasat marang sarirane piyambak.
4 Pangeran Yonatan ngrucat pangagemane

lan kaparingake marang Dawud dalah
pangagemane perang tumeka pedhang,
panahe lan sabuke.
5 Dawud mangsah perang lan tansah unggul,
menyanga ngendi bae anggone kautus dening
Sang Prabu Saul, mula banjur kawisudha dadi
tetindhihe prajurit. Bab iku kaanggep becik
dening kawula kabeh lan para punggawane
Sang Prabu Saul.

Sang Prabu Saul sengit marang Sang Dawud

18:6-30

6 Nanging nalika padha mulih, sabaline
Dawud saka anggone ngasorake wong Filisti
iku, para wong wadon saka sakehe kutha ing
Israel, padha methuk rawuhe Sang Prabu
Saul karo padha sesindhenan lan jejogedan
kalawan ngunekake trebang, padha suka
pari suka sarta kalawan nabuh triwilah. 7 Lan
wong wadon kang padha jejogedan iku padha
sesindhenan saur-sauran, tembunge:

“Sang Prabu Saul ngasorake mungsuh ewon,
nanging Sang Dawud puluhan ewon.”

8 Sang Prabu Saul muntab dukane luwih
dening banget; tetembungan iku nuwuhake
renguning galihe, amarga pangunandikane:
“Marang Dawud disindhenake mateni puluhan
ewon, nanging tumrap ingsun mung ewon,
wekasane keprabon bakal tumiba marang
dheweke.” 9 Wiwit ing dina iku lan sabanjure

Sang Prabu tansah sanggarunggi marang Sang
Dawud.
10 Esuke roh ala kang saka ing Gusti Allah
iku nganjingi Sang Prabu Saul, temah
kepanjingan ana ing daleme; mangka Sang
Dawud nylempung kaya ing saben dinane.
Dene Sang Prabu ngasta towok. 11 Sang Prabu
nlorongake towok iku, amarga panggalihe:
“Dawud daktancepne ing tembok.” Nanging
Sang Dawud ngendhani nganti ambal kaping
pindho.
12 Sang Prabu Saul ering marang Dawud,
amarga Sang Yehuwah nganthi marang Sang
Dawud, mangka Panjenengane wis nilar Sang
Prabu Saul. 13 Mulane Sang Prabu nebihake
Sang Dawud saka ing sarirane lan misudha
Sang Dawud dadi panewuning prajurit, temah
Sang Dawud tansah ana ing sangareping
wadya-bala. 14 Sang Dawud tansah oleh gawe
ing satindake, amarga Sang Yehuwah nunggil
karo panjenengane.
15 Bareng Sang Prabu mirsa, manawa
Sang Dawud banget anggone tansah oleh
gawe, Sang Prabu sangsaya ajrih, 16 nanging
sakehing wong Israel lan Yehuda padha asih
marang Sang Dawud, amarga panjenengane
mimpin samobah-mosiking bala.
17 Sang Prabu ngandika marang Sang Dawud:
“Iki putraningsun putri pembayun, Merab;
iku bakal suntrimakake marang sira, dadi
bojonira, mung bae dadia wong prawira kagem
ingsun lan andona perange Sang Yehuwah.”
Awit Sang Prabu nggalih: “Aja nganti tanganku

kang nglawan, kareben katempuh dening
tangane bangsa Filisti.” [18] Ewadene Sang
Dawud munjuk marang Sang Prabu: “Kawula
punika sinten ta lan sinten sanak sadherek
kawula, kulawarganipun bapak kawula, ing
antawisipun tiyang Israel, kok kawula ngantos
dados mantuning ratu?” [19] Nanging nalika
tumeka ing wektune maringake Sang Putri
Merab, putra putrine Sang Prabu Saul mau,
Sang Putri mau jebul diparingake marang
Sang Adriel, wong ing Mehola, dadi garwane.
[20] Nanging Sang Putri Mikhal, putrane putri
Sang Prabu Saul, kasmaran marang Sang
Dawud; nalika bab iku diunjukake marang
Sang Prabu Saul, panjenengane marengake.
[21] Awit Sang Prabu nggalih: “Prayoga Mikhal
suntrimakake marang Dawud, supaya dadi
kalajiret tumrap Dawud lan tangane wong
Filisti kareben nglawan dheweke!” Sang Prabu
Saul banjur ngandika marang Sang Dawud
kang kaping pindhone: “Ing dina iki sira
sunpundhut mantu.” [22] Sang Prabu ndhawuhi
marang para abdine: “Tutura marang Dawud
kanthi sesidheman mangkene: Sayektosipun
Sang Prabu punika resep dhateng panjenengan
sarta para punggawanipun sami asih dhateng
panjenengan; milanipun panjenengan karsaa
kapundhut mantu dening Sang Prabu.” [23] Para
punggawane Sang Prabu nuli ngluntakake
pangandikane Sang Prabu mau marang Sang
Dawud, nanging Sang Dawud mangsuli:
“Dados mantunipun Sang Prabu punika
panginten panjenengan punapa entheng?

Kula punika rak tiyang mlarat tur tiyang alit.”
24 Punggawane Sang Prabu banjur ngaturi
pirsa marang Sang Prabu, unjuke: “Makaten
menggah wangsulanipun Sang Dawud.”
25 Sang Prabu nuli ngandika maneh: “Tutura
marang Dawud mangkene: Sang Prabu boten
mundhut tumbasan, kejawi namung ikutipun
tiyang Filisti satus minangka pamalesipun
Sang Prabu dhateng mengsahipun.” Karsane
Sang Prabu Saul tiwase Dawud lumantar
wong Filisti. 26 Bareng para abdine Sang Prabu
ngluntakake pangandika mau marang Sang
Dawud, Sang Dawud nyaguhi dadi mantune
Sang Prabu Saul.
27 Durung nganti tumeka ing wektune,
nanging Sang Dawud wis samekta, banjur
tindak karo wadya-balane lan mateni wong
Filisti cacahe rong atus sarta ikute padha
digawa ganep cacahe kabeh diaturake marang
Sang Prabu, supaya Sang Dawud dadi
mantune Sang Prabu. Sang Prabu Saul banjur
narimakake Sang Putri Mikhal, putrane putri,
dadi garwane Sang Dawud. 28 Sang Prabu
Saul nuli ngretos lan mirsa yen Sang Yehuwah
nganthi marang Sang Dawud lan sakehing
wong Israel padha asih marang Sang Dawud.
29 Sang Prabu Saul sangsaya ering marang
Sang Dawud. Sang Prabu Saul tetep dadi
mungsuhe Sang Dawud ing sajege sugenge.
30 Samangsa ratune wong Filisti mangsah
perang, saben padha mangsah perang, Sang
Dawud mesthi oleh gawe ngungkuli para

punggawane Sang Prabu Saul kabeh, temah asmane banjur misuwur banget.

Sang Dawud ngungsi amarga ditempuh Sang Prabu Saul maneh

19:1-24

19 1 Sang Prabu Saul ngandika marang Pangeran Yonatan, putrane lan para punggawane kabeh, yen Sang Dawud kudu disedani. Nanging Pangeran Yonatan, putrane Sang Prabu Saul, tresna banget marang Sang
Dawud, 2 temah panjenengane nglairake prakara iku marang Sang Dawud: "Kanjeng rama mbudidaya badhe nyedani panjenengan, milanipun mbenjing-enjing kula aturi, ngatos-atos, panjenengan kula aturi wonten ing satunggaling papan pangungsen tuwin kula
aturi singidan wonten ing ngriku. 3 Kula badhe
medal ndherekaken kanjeng rama wonten ing ara-ara pasingidan panjenengan punika. Kula badhe ngaturi rembag bab panjenengan dhateng panjenenganipun, badhe kula tingali kadospundi kawontenanipun lan kula lajeng ngaturi pirsa dhateng panjenengan."
4 Pangeran Yonatan ngaturake bab kabecikane Dawud marang Sang Prabu Saul, ramane unjuke: "Sang Prabu sampun ngantos nandukakaken piawon dhateng Dawud, ingkang abdi, amargi piyambakipun boten nandukakaken piawon dhateng panjenengan dalem, malah punapa ingkang katindakaken punika rak sae
sanget, tumrap panjenengan dalem. 5 Tiyang

punika rak sampun ngetohaken nyawanipun
lan sampun ngawonaken tiyang Filisti
punika sarta Sang Yehuwah sampun paring
kaunggulan dhateng tiyang Israel sadaya.
Panjenengan dalem sampun nguningani lan
suka ing galih margi saking punika. Kenging
punapaa panjenengan dalem kok badhe
nandukaken piawon dhateng rahipun tiyang
ingkang resik, badhe mejahi Dawud tanpa
sebab?” 6 Sang Prabu Saul karsa ndhahar ature
Pangeran Yonatan, lan banjur asupaos: “Demi
asmane Sang Yehuwah kang gesang, Dawud
ora bakal dipateni.” 7 Pangeran Yonatan banjur
ngaturi Dawud lan ngandikakake sakehing
dhawuhe Sang Prabu. Pangeran Yonatan nuli
nyowanake Sang Dawud marang ing ngarsane
Sang Prabu Saul lan Sang Dawud banjur
nindakake kawajiban kaya kang uwis-uwis.

8 Bareng ana perang maneh, Sang Dawud
mengsah nglawan bangsa Filisti temah gawe
kapitunane mungsuh akeh sarta padha
keplayu saka ing paprangan.

9 Nanging roh ala kang saka Sang Yehuwah
nyurupi Sang Prabu Saul, nalika Sang Prabu
lenggah ana ing daleme, kalawan ngasta
towok; lan Sang Dawud mbeneri nylempung.
10 Sang Prabu Saul sumedya nunjemake Sang
Dawud ing tembok kalawan towoke, nanging
Sang Dawud ngendhani panloronge Sang
Prabu, temah mung ngenani tembok. Sawuse
iku Sang Dawud banjur lolos lan bisa oncat ing
bengi iku.

[11] Sang Prabu banjur utusan wong-wong
menyang ing daleme Sang Dawud didhawuhi
njaga lan nyedani panjenengane ing wayah
esuk. Nanging Sang Putri Mikhal, garwane
Sang Dawud ngaturi pirsa marang Sang
Dawud mangkene: "Yen panjenengan ora bisa
oncat bengi iki, sesuk mesthi bakal disedani."
[12] Sang Putri Mikhal tumuli mbyantu Sang
Dawud mandhap saka ing cendhela lan Sang
Dawud lolos lan bisa oncat. [13] Sawuse iku
Sang Putri Mikhal mundhut terafim diselehake
ing pasarean, endhase didokoki tenunan wulu
wedhus, banjur dikemuli.

[14] Sang Prabu Saul banjur utusan marani
Sang Dawud, nanging Sang Putri Mikhal
ngandika: "Lagi gerah." [15] Sawuse iku Sang
Prabu utusan wong-wong nyatakake sarta
dipangandikani: "Dawud parakna mrene
sapaturone, supaya dipateni!" [16] Para utusan
iku padha lumebu ing daleme. lan katon ana
terafim ing pasarean, endhase kasasaban
tenunan wulu wedhus. [17] Sang Prabu Saul
ngandika marang Sang Putri Mikhal: "Yagene
sira ngapusi ingsun mengkono sarta nulungi
mungsuhku, nganti bisa oncat?" Nanging Sang
Putri Mikhal mangsuli unjuke: "Piyambakipun
wicanten dhateng kawula makaten: Aku
arep lunga aja kokcandhet. Apa kowe njaluk
dakpateni?"

[18] Sawuse Sang Dawud lolos lan oncat saka
ing bebaya, nuli sowan ing ngarsane Nabi
Samuel ing Rama lan ngandharake, kabeh apa
kang ditandukake Sang Prabu Saul marang

panjenengane. Sang Dawud banjur diajak
Nabi Samuel menyang ing Nayot lan lereb ana
ing kono. [19] Nalika Sang Prabu Saul diaturi
pawarta mangkene: “Kauningana, Dawud
wonten ing Nayot, sacelakipun Rama.” [20] Sang
Prabu nuli utusan wong-wong nyekel Sang
Dawud. Nanging wong-wong mau ndeleng
Nabi sagolongan kang kapenuhan Roh,
disesepuhi Nabi Samuel. Lan Rohing Allah
manjing ing para utusan mau lan iku uga
banjur kapenuhan kaya nabi. [21] Prakara iku
diaturake marang Sang Prabu Saul; Sang
Prabu Saul nuli utusan wong-wong liyane,
nanging wong-wong iku uga katedhakan
ing Roh kaya nabi. Sang Prabu nuli utusan
wong-wong maneh, kang kaping telune, lan
wong-wong iku uga katedhakan ing Roh.
[22] Tumuli Sang Prabu Saul tindak piyambak
menyang ing Rama. Sarawuhe ing sacedhake
sumur gedhe ing Sekhu, nuli ndangu: “Nabi
Samuel lan Dawud ana ing ngendi?” Atur
wangsulane wong: “Wonten ing Nayot,
sacelakipun Rama.” [23] Sang Prabu nuli tindak
mrana menyang ing Nayot, ing sacedhake
Rama lan panjenengane uga kenjingan ing
Rohe Allah lan sajrone nerusake tindake iya
kapenuhan Roh kaya nabi, nganti rawuh ing
Nayot, ing sacedhake Rama. [24] Sang Prabu
uga lukar pangagemane lan uga medhar
wangsit ana ing ngarsane Nabi Samuel.
Sang Prabu dhawah gumluntung kalawan
lukar pangageman sadina sawengi muput.

Iki jalarane wong banjur ngucap: “Apa Sang Prabu Saul uga kagolong para nabi?”

Prajanjian antarane Pangeran Yonatan karo Sang Dawud

20:1-42 (20:1-43)

20 [1] Sang Dawud nuli lolos saka ing Nayot,
ing sacedhake Rama. Sarawuhe ing
daleme Pangeran Yonatan nuli matur: “Kula
punika nindakaken punapa? Punapa kalepatan
kula lan punapa ta dosa kula dhateng ingkang
rama, dene ngantos ngersakaken pejah
kula?” [2] Nanging Pangeran Yonatan ngandika
marang Sang Dawud: “Babar pisan boten.
Panjenengan boten badhe kasedanan. Engeta,
bilih kanjeng rama boten badhe tumindak
punapa-panapa, prakawis agenga alita,
ingkang boten kawedharaken dhateng kula
rumiyin. Kanjeng rama rak boten badhe
nyidhem prakawis punika tumrap kula?
Punika temtu boten!” [3] Nanging Sang Dawud
matur maneh: “Ingkang rama temtu sampun
uninga, bilih panjenengan remen dhateng
kula. Mila panggalihipun: Yonatan aja nganti
ngreti prakara iki, mengko mundhak sedhih
atine; ewadene, demi Sang Yehuwah ingkang
agesang, lan demi gesang panjenengan,
antawisipun pejah kaliyan kula namung
wonten sajangkah.”

[4] Pangeran Yonatan ngandika marang Sang
Dawud: “Punapa kemawon ingkang dados
kersa panjenengan badhe kula tindakaken.”

5 Pangandikane Sang Dawud marang Pangeran
Yonatan: "Panjenengan mirsa, bilih benjing-
enjing punika wulan enggal, pancenipun kula
kedah ndherek dhahar kaliyan Sang Prabu.
Manawi panjenengan marengaken kula kesah
umpetan ing ara-ara ngantos mbenjing emben
sonten. 6 Manawi ingkang rama ndangokakaken
kula panjenengan matur: Dawud nedha palilah
dhateng kawula kalayan sanget, kalilana
enggal-enggal kesah dhateng kithanipun
ing Betlehem, amargi ing ngrika wonten
upacara sidhekahan taunan kangge sadaya
kulawangsa. 7 Manawi dipun pangandikakaken
makaten: Iya becik, ateges ingkang abdi
wilujeng. Nanging manawi dukanipun muntab
dadakan, panjenengan mangertosa, bilih
Sang Prabu sampun mutus murih bilai
kula. 8 Manawi makaten mugi karsaa paring
cihnaning kasetyan panjenengan dhateng
ingkang abdi punika, awit dene panjenengan
sampun damel prajanjian kaliyan ingkang
abdi wonten ing ngarsanipun Sang Yehuwah.
Samanten ugi manawi wonten kalepatan kula,
panjenengan piyambak kula aturi mejahi
kula. Punapa sebabipun dene panjenengan
badhe ngloropaken kula dhateng ingkang
rama?" 9 Nanging Pangeran Yonatan mangsuli:
"Punika katebihna saking kula! Amargi manawi
kula mangretos sayektos, bilih kanjeng rama
sampun mutus badhe ndhatengakaken bilai
dhateng panjenengan, punapa inggih kula
boten ngaturi pirsa dhateng panjenengan.
10 Sang Dawud banjur matur marang Pangeran

Yonatan: “Sinten ingkang badhe nyukani kabar
dhateng kula, samangsa Sang Prabu paring
wangsulan sugal dhateng panjenengan?”
11 Pangandikane Pangeran Yonatan marang
Sang Dawud: “Sumangga sami medal dhateng
ing ara-ara!” Tumuli padha bebarengan metu
menyang ing ara-ara.
12 Pangeran Yonatan banjur ngandika marang
Sang Dawud: “Demi Pangeran Yehuwah,
Gusti Allahipun Israel, benjing-enjing utawi
benjing emben watawis wanci makaten kula
badhe nyumerepi panggalihipun kanjeng
rama. Samangsa sae kawontenanipun
tumrap Dhimas Dawud, punapa inggih kula
boten lajeng kengkenan tiyang ngaturi pirsa
dhateng panjenengan? 13 Wangsul manawi
rama ngersakaken supados panjenengan
manggih bilai, mugi Sang Yehuwah
maringana paukuman dhateng Yonatan,
malah nglangkungana punika, manawi
kula boten matur dhateng panjenengan
lan nglilani panjenengan tindak, supados
panjenengan saged tindak kanthi wilujeng.
Mugi-mugi Pangeran Yehuwah nunggil
kaliyan panjenengan kados dene anggenipun
nunggil kaliyan kanjeng rama kala rumiyin.
14 Manawi kula taksih gesang, punapa inggih
panjenengan boten badhe ngatingalaken
sih-kadarmanipun Pangeran Yehuwah dhateng
kula? Nanging manawi kula sampun pejah,
15 panjenengan sampun ngantos medhot
sihkasetyan panjenengan tumrap turun kula
ing salami-laminipun. Lan manawi Pangeran

Yehuwah nyirnakaken satunggal-tunggaling
mengsahipun Dhimas Dawud saking bumi,
16 sampun ngantos namanipun Yonatan
kabusek saking tedhak-turunipun Dhimas
Dawud, ugi manawi Pangeran Yehuwah badhe
males ukum dhateng mengsah-mengsahipun
Dhimas Dawud.” 17 Pangeran Yonatan mundhut
sumpahe Sang Dawud maneh demi katresnane
marang Pangeran Yonatan, amarga Pangeran
Yonatan nresnani Sang Dawud prasat sarirane
piyambak.

18 Pangeran Yonatan nuli ngandika marang
Sang Dawud: “Benjing-enjing wulan enggal
panjenengan temtu dipun dangokaken, amargi
palenggahan panjenengan kothong. 19 Benjing
embenipun panjenengan temtu dipun padosi,
panjenengan kula aturi umpetan wonten ing
pasingidan ing dinten lelampahan punika, lan
panjenengan lenggah ing sandhing gumuk
parang. 20 Kula lajeng badhe nglepasaken
jemparing tiga ing sacelakipun kados-kados
kula nginceng lesan makaten. 21 Lan
panjenengan pirsani, kula badhe ngengken
rencang kula: Mangkata golekana panahe!
Manawi kula cariyos dhateng rencang punika
kanthi swara manti-manti: O, panah-panahe
cerak bae, rada mrene maneh, jupukana,
-- ateges panjenengan kula aturi rawuh,
amargi demi Sang Yehuwah ingkang gesang,
panjenengan wilujeng, boten wonten bebaya
punapa-punapa. 22 Nanging manawi kula
cariyos dhateng lare nem punika makaten:
We lah panah-panahe tekan adoh kana! --

panjenengan kula aturi tindak, amargi Sang
Yehuwah ndhawuhi panjenengan tindak.
23 Menggah prakawis ingkang sami kula
prasetyakaken ing antawisipun kula lan
panjenengan, lah, Sang Yehuwah wonten ing
antawisipun kula lan panjenengan ngantos ing
salami-laminipun.”
24 Sawuse iku Sang Dawud umpetan ana
ing ara-ara. Nalika wus ngancik sasi anyar,
Sang Prabu lenggah dhahar. 25 Sang Prabu
lenggah ana ing palenggahane kaya adhate,
ing sacedhake tembok. Pangeran Yonatan
ngadhep ana ing ngarsane. Senapati Abner
lenggah ana ing sacedhake Sang Prabu,
nanging palenggahane Sang Dawud tetep
kothong. 26 Lan ing dina iku Sang Prabu ora
ngandika apa-apa, amarga panggraitane:
“Bokmanawa ana apa-apa tumanduk marang
dheweke. Bokmanawa Dawud lagi najis, iya
dheweke mesthi lagi najis.”
27 Nanging ing dina sawuse sasi anyar iki,
ing dina kang kapindho, nalika palungguhane
Sang Dawud tetep kothong, Sang Prabu
ndangu marang Pangeran Yonatan, kang
putra: “Geneya anake Isai ora ndherek
dhahar, dhek wingi ora, saiki uga ora?” 28 Atur
wangsulane Pangeran Yonatan: “Dawud
sampun nyuwun palilah kanthi sanget dhateng
kawula, kaparenga dhateng Betlehem,
29 tembungipun: Keparenga kula nyuwun
pamit, amargi wonten upacara sidhekahan
kangge kulawarga kula ing kitha; para
sadherek kula piyambak ingkang murugi

kula. Milanipun manawi panjenengan welas
dhateng kula, kula panjenengan lilani tuwi
para sadherek kula. Punika sebabipun Dawud
boten ndherek ing bujananipun Sang Prabu.”
30 Sang Prabu banjur muntab dukane marang
Pangeran Yonatan, pangandikane marang
kang putra: “Anak sundel, kang murang tata!
Ingsun rak wus mirsa, yen sira milih marang
anake Isai lan iku kang marakake wirangira lan
guwa-garbane ibunira.
31 Awitdene, sanyata
salawase anake Isai isih urip ana ing lumahing
bumi, sira lan kaprabonira ora bakal santosa.
Lan saiki utusana wong nimbali lan ngirid
Dawud marang ing ngarsaningsun, amarga
wong iku kudu mati.”
32 Ananging Pangeran Yonatan ngaturi
wangsulan marang Sang Prabu Saul, kang
rama: “Kenging punapa Dawud kedah dipun
pejahi? Punapa ta kalepatanipun?”
33 Sang
Prabu nuli nlorongake towoke marang
Pangeran Yonatan arep disedani. Dadine
Pangeran Yonatan mirsa, Yen kang rama wus
mutus arep nyedani Sang Dawud.
34 Mulane
Pangeran Yonatan jumeneng lan nilar papan
bujana kanthi mulad-mulading dukane. Ing
dina kapindho sasi anyar iku Pangeran Yonatan
ora dhahar apa-apa, amarga panjenengane
sekel galihe marga saka Sang Dawud, jalaran
kang rama wus ngremehake Sang Dawud.
35 Esuke Pangeran Yonatan tindak menyang
ing ara-ara kadherekake abdi cilik kaya
kang dadi prasetyane marang Sang Dawud.
36 Pangeran Yonatan ngandika marang

abdine: “Mlayua golekana panah-panah
kang daklepasake.” Lagi bae abdi mau
mlayu, Pangeran Yonatan nglepasake panah
nglangkahi sirahe abdi mau. 37 Bareng abdi
mau tekan ing prenahe panah kang dilepasake
Pangeran Yonatan mau, Pangeran Yonatan
alok-alok saka ing burine abdi mau: “Panah
iku rak luwih adoh kana.” 38 Pangandikane
Pangeran Yonatan maneh: “Ayo dikebat,
aja mandheg bae.” Abdi iku banjur ngukupi
panahe lan diaturake bali marang bendarane.
39 Ananging abdi iku ora ngreti apa-apa; mung
Pangeran Yonatan lan Sang Dawud kang
ngretos prakara iku. 40 Sawuse iku Pangeran
Yonatan masrahake gegamane marang abdi
kang ndherek panjenengane, pangandikane:
“Mangkata, gawanen menyang ing kutha!”
41 Abdi iku banjur mulih, Sang Dawud banjur
medal saka ing sisihe gumuk parang, nuli
sujud konjem ing bumi lan nyembah ambal
kaping telu. Karone padha aras-ingaras lan
padha muwun. Wasana Sang Dawud bisa
ngiyat-ngiyatake sarirane. 42 Pangeran Yonatan
ngandika marang Sang Dawud: “Panjenengan
tindak kanthi wilujeng, kula rak sampun sami
supaos wonten ing ngarsanipun Sang Yehuwah
makaten: Sang Yehuwah wontena ing antawis
kula lan panjenengan sarta ing antawisipun
turun kula lan turun panjenengan ngantos
ing salami-laminipun.” (20-43) Sawuse iku
Sang Dawud jumeneng lan banjur tindak, lan
Pangeran Yonatan uga kondur menyang ing
kutha.

Sang Dawud ana ing Nob

21:1-9

21 [1] Senapati Dawud rawuh ana ing Nob
murugi Imam Akhimelekh. Imam iku
methukake Sang Dawud kanthi kaget, ature
marang panjenengane: "Punapaa rawuh
panjenengan kok piyambakan lan boten
wonten ingkang ndherekaken?" [2] Wangsulane
Sang Dawud marang Imam Akhimelekh: "Kula
dipun paringi ayahan dening Sang Prabu kanthi
piweling: Sapa-sapaa ora kena nyumurupi
prakara kang dadi perlune sira sunutus lan
kang sunbubuhake marang sira iku. Milanipun
tiyang-tiyang kula sami kula ken dhateng
wonten ing satunggaling panggenan. [3] Dene
sapunika panjenengan kagungan punapa?
Kula panjenengan sangoni roti gangsal iji
utawi punapa kemawon ingkang wonten."
[4] Wangsulane Imam Akhimelekh marang
Sang Dawud: "Kula boten gadhah roti limrah,
ingkang wonten namung roti sengkeran;
anggeripun tiyang-tiyang panjenengan sami
cegah nggepok tiyang estri."

[5] Wangsulane Sang Dawud marang Imam
iku: "Pancen kula sami boten kenging
ngempali tiyang estri kados kala rumiyin-
rumiyin, manawi kula sami mangsah perang.
Badanipun tiyang kula sami suci, sanadyan
namung kekesahan limrah, langkung malih ing
dinten punika. Satunggal-tunggalipun sami
suci badanipun." [6] Imam Akhimelekh banjur

ngaturi roti sengkeran, amarga ing kono ora
ana roti liyane kajaba roti sesaosan; roti iku
sabenere kalorod saka ing ngarsane Sang
Yehuwah, supaya ing dina iku disalini roti
anyar maneh.
7 Ing dina iku uga kono ana sawijining
punggawane Sang Prabu Saul, kang dipiji
ngladeni Sang Yehuwah, jenenge Doeg, wong
Edom, tetindhihe para pangone Sang Prabu
Saul. 8 Sang Dawud ngandika marang Imam
Akhimelekh: "Ing ngriki panjenengan punapa
boten kagungan waos utawi pedhang? Amargi
pedhang utawi dedamel kula boten kula
bekta, amargi dhawuhipun Sang Prabu sarwi
dadakan." 9 Ature imam mau: "Pedhangipun
Goliat tiyang Filisti ingkang panjenengan
pejahi wonten ing Lebak Wit-Ela punika
ingkang wonten ing ngriki, kaluruban ing
sinjang, ing sawingkingipun efod punika.
Manawi badhe panjenengan asta, mangga
kula aturi mundhut; sanesipun boten wonten,
namung punika." Pangandikane Sang Dawud:
"Boten wonten ingkang nyameni punika, pundi
panjenengan paringaken dhateng kula."

Sang Dawud ana ing Gat

21:10-15

10 Sang Dawud nuli tata-tata lan banjur
mangkat ing dina iku uga ngungsi saka ing
ngarsane Sang Prabu Saul; tindake wus rawuh
ing wewengkone Prabu Akhis, ratu-kutha ing
Gat. 11 Para punggawane Prabu Akhis matur

marang gustine: "Punapa punika sanes Dawud
ratunipun nagari punika? Punapa punika
sanes tiyangipun ingkang kangge sesindhenan
saur-sauran kaliyan jejogedan makaten:

Sang Prabu Saul ngasorake mungsuh ewon,
nanging Sang Dawud nganti puluhan ewon?"

12 Sang Dawud nggatosake marang tembung
iku, temah panjenengane ajrih banget marang
Prabu Akhis, ratu-kutha ing Gat iku. 13 Mulane
banjur memba wong kang owah ana ing
pandelenge wong-wong iku sarta api-api
edan ana ing sacedhake wong-wong iku;
panjenengane nggrauti korining gapura lan
ilere diumbar dleweran ana ing jenggote.
14 Prabu Akhis banjur ngandika marang para
punggawane: "Apa sira padha ora weruh, yen
iku wong edan? Apa perlune wong iku sira
gawa mrene? 15 Apa ingsun kekurangan wong
edan, nganti wong iki sira ladekake marang
ing mgarsaningsun, apa supaya mamerake
edane marang ingsun? Apa pantes wong kang
kaya mengkono mlebu ing kratoningsun?"

Sang Dawud ana ing guwa Adulam

22:1-5

22 1 Sang Dawud banjur tindak saka
ing kono lan ngungsi menyang ing
guwa Adulam. Bareng sadherek-sadhereke
padha krungu bab iku, padha mrono marani
panjenengane. 2 Saben wong kang ngalami
karubedan, wong dioyak-oyak ing utang,
sadhengah wong kang lara atine, iku uga

padha ngempal karo panjenengane. Sang
Dawud dadi tetindhihe wong watara patang
atus.
3 Saka ing kono Sang Dawud tindak menyang
ing Mizpa ing tanah Moab lan matur marang
ratu ing negara Moab: “Keparenga bapa saha
biyung kawula manggen ing nagari dalem,
ngantos kawula mangertos, punapa ingkang
dados pangrehipun Gusti Allah dhateng
kawula.” 4 Rama ibune banjur disowanake
marang ing ngarsane ratu ing nagara Moab lan
manggen ndherek Sang Prabu, sajrone Sang
Dawud ngembara ana ing beteng ing gunung.
5 Nanging Nabi Gad matur marang Sang
Dawud: “Panjenengan sampun wonten ing
beteng redi punika, kula aturi jengkar lan
kondur dhateng tanah Yehuda.” Sang Dawud
nuli tindak menyang ing alas Kheret.

Para Imam ing Nob dipateni

22:6-23

6 Prakara iku kapiyarsa dening Sang Prabu
Saul, amarga Sang Dawud lan wong kang
padha ndherekake konangan panggonane.
Dene Sang Prabu Saul ana ing Gibea, mbeneri
lenggah ana ing ngisor wit esel ing tetengger,
klawan ngasta towok lan kaadhep dening
sakehing punggawane. 7 Sang Prabu nuli
ngandika marang para punggawa kang padha
ngadhep: “He para wong Benyamin, padha
rungokna. Apa anake Isai uga arep ngwenehi
sira kabeh pategalan lan pakebonan anggur,

apa sira kabeh bakal didadekake tetindhihe
bala sewu utawa satus, [8] dene sira kok padha
sakuthon nglawan marang ingsun lan ora ana
wong siji-sijia kang matur marang ingsun,
yen putraningsun wus nganakake prajanjian
karo anake Isai iku? Lan panunggalanira
ora ana kang prihatin tumrap ingsun utawa
ngaturi pirsa marang ingsun yen putraningsun
ngojok-ojoki punggawaningsun nglawan
marang ingsun sarta ngalang-alangi ingsun
kaya saiki iki.”
[9] Doeg, wong Edom kang anggone ngadhep
ana ing sacedhake para punggawane Sang
Prabu Saul banjur ngaturi wangsulan unjuke:
“Kawula sumerep anakipun Isai punika
dhateng ing griyanipun Imam Akhimelekh
bin Ahitub ing Nob. [10] Piyambakipun neges
dhateng Sang Yehuwah kangge Dawud lan
nyangoni piyambakipun: ugi pedhangipun
Goliat, tiyang Filisti punika dipun sukakaken.”
[11] Sang Prabu nuli utusan nimbali Imam
Akhimelekh bin Ahitub dalah sakulawargane,
para imam kang ana ing Nob; kabeh iya banjur
padha sowan marang ing ngarsane Sang
Prabu.
[12] Pangandikane Sang Prabu Saul: “Mara
rungokna he anake Ahitub!” Unjuke: “Nuwun
inggih , Gusti.” [13] Sang Prabu Saul banjur
ndangu marang wong iku: “Geneya sira kok
padha sakuthon karo anake Isai nglawan
marang ingsun? Sira kok ngwenehi roti lan
pedhang, sarta neges marang Gusti Allah
kanggo wong iku, temah banjur mbalila

marang ingsun lan dadi pepalang kaya dene
saiki iki?” 14 Imam Akhimelekh nuli mangsuli
unjuke: “Nanging sinten ing antawisipun
para punggawa dalem ingkang pinitados
kados Sang Dawud, tur dados mantunipun
Sang Prabu saha mangagengi para pengawal
dalem sarta kinurmatan wonten ing kraton
dalem? 15 Punika boten namung nembe
sapisan kemawon anggen kawula neges
dhateng Gusti Allah kangge piyambakipun.
Babar pisan boten!Sang Prabu mugi sampun
ngantos kagungan pandakwa dhateng abdi
dalem kawula, dalasan dhateng kulawarga
kawula, amargi abdi dalem boten mangretos
punapa-punapa menggah punika wau sadaya,
inggih alita inggih agenga.” 16 Ewadene Sang
Prabu ngandika: “Sira kudu kaukum pati,
Akhimelekh, sira lan sakehe kulawarganira!”
17 Sang Prabu nuli ndhawuhi para prajurit kang
ngadhep ana ing ngarsane: “Majua lan para
imame Sang Yehuwah iku padha patenana,
amarga padha mbyantu Dawud; amarga
sanadyan wis padha ngreti, yen Dawud iku
minggat ewadene ora padha ngaturi pirsa
marang ingsun.” Nanging para punggawane
Sang Prabu ora ana kang kumlawe tangane
nempuh marang para imame Sang Yehuwah
mau. 18 Sang Prabu nuli ngandika marang
Doeg: “Kowe majua banjur nempuha marang
para imam iku!” Doeg, wong Edom iku, banjur
maju lan nempuh marang para imam iku. Ing
dina iku Doeg mateni wong wolung puluh lima,
kang padha aklambi efod lena. 19 Uga wong ing

Nob kuthane imam iku, padha dipateni Sang
Prabu klawan landheping pedhang lananga
wadona, apadene bocah-bocah lan bayi suson,
dalah sapi, kuldi lan wedhuse uga padha
dipateni.
[20] Nanging sawijining putrane Imam
Akhimelekh bin Ahitub, kang jenenge Abyatar,
iku bisa oncat lan lumayu sarta banjur dadi
pandhereke Sang Dawud. [21] Nalika ngaturi
pirsa marang Sang Dawud, manawa Sang
Prabu Saul wus mateni para imame Sang
Yehuwah, [22] Sang Dawud nuli ngandika
marang Abyatar: "Pancen, ing dina iku aku
weruh Doeg, wong Edom ana ing kana, aku
wis ngira, yen wong iku mesthi bakal ngaturi
uninga marang Sang Prabu Saul. Aku kang
njalari patine kulawangsamu. [23] Tetepa melu
aku, aja wedi, awit sing sapa ngarah nyawamu
iku, uga ngarah nyawaku. Ana ing sandhingku
kowe slamet."

Sang Dawud ana ing Kehila

23:1-13

23 [1] Sang Dawud diaturi pirsa mangkene:
"Kauningana, tiyang Filisti mangsah
perang nempuh kitha Kehila lan njarah
pamipitanipun." [2] Sang Dawud banjur neges
marang Sang Yehuwah: "Punapa kawula
prayoginipun ngawonaken bangsa Filisti
punika?" Dhawuhe Sang Yehuwah marang
Dawud: "Mangkata, bangsa Filisti iku asorna
lan kutha Kehila luwarana!" [3] Nanging balane

Sang Dawud matur marang panjenengane:
"Kula aturi enget, wonten ing ngriki kemawon
wonten ing Yehuda, kula sampun sami
kuwatos, saya malih manawi kula sami
dhateng Kehila, mapagaken barisanipun
perang bangsa Filisti." 4 Sang Dawud banjur
neges maneh marang Sang Yehuwah, dene
Sang Yehuwah paring wangsulan mangkene:
"Samektaa, mangkata menyang Kehila,
amarga Ingsun bakal masrahake wong Filisti
marang ing tanganira." 5 Sang Dawud banjur
mangkat sabalane menyang Kehila, mangsah
perang nglawan bangsa Filisti, rajakayane
padha digiring sarta mungsuh digecak luwih
dening banget. Mangkono anggone Sang
Dawud ngluwari wong ing kutha Kehila.
6 Nalika Imam Abyatar bin Akhimelekh
ngungsi marang Sang Dawud ing Kehila,
mudhune nggawa efod.
7 Sang Prabu Saul diaturi pirsa, yen Sang
Dawud wis mlebu ing kutha Kehila. Sang Prabu
Saul nuli ngandika: "Gusti Allah wis masrahake
Dawud ana ing tanganku, amarga mlebu ing
kutha kang ana gapura lan ana slarake, iku
ateges ngurung awake dhewe." 8 Sang Prabu
Saul nuli ngerigake sakehing balane, nglurug
perang menyang Kehila lan ngepung Sang
Dawud sabalane.
9 Bareng Sang Dawud mirsa, yen Sang
Prabu Saul kagungan kersa ngarah bilaine,
ngandika marang Imam Abyatar: "Efod iku
prenekna!" 10 Sang Dawud nuli matur: "Dhuh
Sang Yehuwah, Gusti Allahing Israel, abdi

Paduka punika mireng sayektos bilih Sang
Prabu Saul badhe rawuh ing kitha Kehila
lan badhe nyirnakaken kitha punika margi
saking kawula. 11 Punapa kawula badhe dipun
pasrahaken dening tiyang-tiyang ing kitha
Kehila dhateng ing astanipun? Punapa Sang
Prabu Saul badhe rawuh kados dene ingkang
kapireng ing abdi Paduka punika? Dhuh
Yehuwah, Gusti Allahipun Israel, mugi karsaa
paring sumerep dhateng abdi Paduka punika."
Paring wangsulane Sang Yehuwah: "Saul bakal
teka." 12 Sang Dawud banjur matur: "Kawula
saha bala kawula punapa badhe kapasrahaken
tiyang-tiyang kitha Kehila dhateng astanipun
Sang Prabu Saul?" Pangandikane Sang
Yehuwah: "Bakal dipasrahake." 13 Sang Dawud
dalah sabalane banjur padha tata-tata, watara
wong nem atus, padha metu saka ing kutha
Kehila lan lunga saparan-paran. Nalika Sang
Prabu Saul diaturi pirsa, yen Sang Dawud wus
oncat, ora sida nglurugi perang.

Sang Dawud ana ing pasamunan ing Zif

23:14-28

14 Anadene Sang Dawud lereb ana ing
pasamunan, ing papan-papan pandhelikan.
Pamanggene ana ing pagunungan ing
pasamunan Zif. Lan sawuse iku Sang Prabu
Saul tansah nguber-uber, nanging Gusti Allah
ora masrahake ing astane Sang Prabu Saul.
15 Sang Dawud sumelang panggalihe amarga
Sang Prabu Saul wis tindak nedya ngarah

nyawane Sang Dawud. Nalika Sang Dawud
ana ing pasamunan ing Zif, ing Khoresa,
16 Pangeran Yonatan, putrane Sang Prabu Saul,
nuli tata-tata lan banjur murugi Sang Dawud
menyang ing Khoresa, lan nyantosakake
pangandele Sang Dawud marang Gusti Allah,
17 sarta ngandika marang Sang Dawud:
“Panjenengan sampun kuwatos, amargi
kanjeng rama boten badhe saged nyepeng
panjenengan, malah panjenengan badhe
jumeneng ratu ngereh bangsa Israel, lan kula
trimah namung dados tiyang ingkang angka
kalih, ing sangandhap panjenengan. Kanjeng
rama rak ugi sampun uninga bab punika.”
18 Sakarone banjur padha prasetya ana ing
ngarsane Sang Yehuwah. Lan Sang Dawud
lereb ana ing Khoresa, dene Pangeran Yonatan
kondur menyang ing daleme.

19 Nanging ana wong ing Zif sawatara kang
seba marang ing ngarsane Sang Prabu Saul
ana ing Gibea sarta matur: “Dawud ndhelik
wonten ing sacelak kawula, ing beteng-beteng
pareden, ing sacelakipun Khoresa, ing redi
Hakhila, kaprenah ing sakidulipun ara-ara
samun. 20 Milanipun manawi panjenengan
dalem Sang Prabu kepareng rawuh, kawula
aturi tindak, kawula ingkang tanggel badhe
masrahaken tiyang punika wonten ing
astanipun Sang Prabu.” 21 Pangandikane
Sang Prabu Saul: “Muga sira binerkahana
dening Sang Yehuwah, amarga ngetokake
kawelasanira marang ingsun. 22 Wis mangkata,
nyatakna kang genah maneh, upayanen nganti

bisa meruhi ing ngendi padunungane lan sapa kang wis tau weruh wong iku ana ing kono, amarga ana sing kandha marang ingsun yen
wong iku julig banget. [23] Udinen ngawruhi ing ngendi papan pandhelikane. Sira nuli sowana marang ingsun kalawan nggawa warta kang genah, lan ingsun bakal mbarengi lakunira. Lah, saupama wong iku ana ing njero nagara ingsun bakal nliti wong iku ana ing antarane
sakehe ewon-ewoning wong Yehuda.” [24] Wong
mau banjur enggal-enggal padha mangkat menyang Zif ndhisiki tindake Sang Prabu Saul. Sang Dawud sabalane ana ing pasamunan Maon, ing tanah warata sakidule ara-ara samun.

[25] Nalika Sang Prabu Saul tindak sabalane nglari Sang Dawud, nuli ana kang ngaturi uninga marang Sang Dawud. Sang Dawud nuli tindak menyang ing gunung watu parang lan lereb ana ing pasamunan Maon. Bareng Sang Prabu miyarsa bab iku, banjur ngoyak Sang Dawud menyang ing pasamunan Maon.
[26] Sang Prabu tindak saka ing sisih kenene gunung, dene Sang Dawud lan balane saka ing sisih kanane gunung, Sang Dawud enggal-enggal sumingkir, nanging Sang Prabu Saul sabalane wis meh ngepung Sang Dawud
sabalane lan wus arep bisa nyekel, [27] jebul
banjur ana wong kang sowan ngaturi pirsa marang Sang Prabu: “Panjenengan dalem mugi enggal karsaa kondur, amargi tiyang
Filisti sampun nempuh negari.” [28] Sang Prabu
kapeksa kendel anggone nguber-uber Sang

Dawud lan tindak mapagake wong Filisti.
Iku jalarane panggonan kono banjur diarani:
Paranging Pangluwaran.

Sang Dawud nggesangi Sang Prabu Saul

23:29--24:22 (24:1-23)

[29] (24-1) Sang Dawud banjur tindak saka
kono, banjur lereb ing beteng-beteng gunung,
24 ing En-Gedi. [1] (24-2) Nalika Sang Prabu
Saul kondur sawuse ngoyak-oyak wong
Filisti, diaturi uninga mangkene: "Kauningana,
Dawud wonten ing pasamunan En-Gedi."
[2] (24-3) Sang Prabu Saul nuli ngumpulake
wong pilihan saka sakehing wong Israel
cacahe telung ewu, banjur tindak nglari Sang
Dawud lan balane ana ing gunung parang
Wedhus Alasan. [3] (24-4) Panjenengane rawuh
ing kandhang-kandhang wedhus ing pinggir
dalan. Ing kono ana guwane lan Sang Prabu
Saul mlebet ing kono arep turas, mangka
Sang Dawud lenggah kalawan balane ana
ing sajroning guwa, ing sisih buri. [4] (24-5)
Para balane Sang Dawud banjur matur
marang panjenengane: "Dinten ingkang dipun
pangandikakaken dening Sang Yehuwah
sampun dumugi: Lah, Ingsun masrahake
satrunira ana ing tanganira, tindakna apa
kang sira anggep prayoga." Sang Dawud
banjur jumeneng, lan ngiris poncoting
jubah pangagemane Sang Prabu Saul
kalawan colongan. [5] (24-6) Panggalihe Sang
Dawud dadi goreh amarga ngiris poncoting

pangagemane Sang Prabu Saul; 6 (24-7)
nuli ngandika marang para pandhereke:
“Sang Yehuwah muga ngedohna aku saka
pratingkah kang mangkono marang gustiku,
marang jebadaning Yehuwah, yaiku mulung
tangaku nglawan marang panjenengane, awit
panjenengane iku kang jinebadan dening Sang
Yehuwah.”
7 (24-8) Lan Sang Dawud nyegah para
pandhereke klawan pangandika kang kaya
mangkono iku; panjenengane ora nglilani
wong-wong iku nempuh nglawan Sang Prabu
Saul. Kacarita Sang Prabu Saul wus jumeneng
lan nilar guwa iku arep nglajengake tindake.
8 (24-9) Sawuse mangkono Sang Dawud
uga jumeneng medal saka ing guwa iku
lan nguwuh-uwuh marang Sang Prabu Saul
saka ing pengkerane, ature: “Dhuh Gusti
kawula Sang Prabu, ratu kawula.” Sang
Prabu Saul noleh, Sang Dawud nuli jengkeng
kalawan pasuryane nganti konjem ing bumi,
sarta banjur sujud nyembah. 9 (24-10) Sang
Dawud banjur matur marang Sang Prabu:
“Kenging punapa dene panjenengan dalem
kok miyarsakaken dhateng tembungipun
tetiyang ingkang sami munjuk: Lah Dawud
ngangkah dhateng bilai dalem. 10 (24-11)
Kauningana, ing dinten punika panjenengan
dalem mirsa piyambak, bilih Sang Yehuwah
sampun masrahaken panjenengan dalem
ing tangan kawula wonten ing guwa punika;
wonten tiyang ingkang aken kawula supados
nyedani panjenengan dalem, nanging kawula

ngeman dumateng panjenengan dalem,
awit pamanggih kawula: Aku ora bakal
mulung tanganku nglawan marang gustiku,
amarga panjenengane wus jinebadan dening
Sang Yehuwah. [11] (24-12) Panjenengan
dalem pirsani rumiyin, dhuh kanjeng rama,
panjenengan dalem pirsani poncoting jubah
pangageman dalem ing tangan kawula
punika! Mirid saking anggen kawula ngiris
poncoting jubah pangageman dalem, ewadene
boten ngantos nyedani panjenengan dalem,
panjenengan dalem rak saged mirsa lan
nguningani, bilih tangan kawula resik
saking piawon lan cidra saha bilih kawula
boten nglampahi dosa wonten ing ngarsa
panjenengan dalem, sanajan panjenengan
dalem nguya-uya kawula lan ngangkah nyawa
kawula. [12] (24-13) Sang Yehuwah mugi dadosa
hakim ing antawis kawula kaliyan panjenengan
dalem, Sang Yehuwah mugi malesaken kawula
dhateng panjenengan dalem, nanging tangan
kawula boten badhe nempuh panjenengan
dalem. [13] (24-14) Kados bebasanipun
tiyang sepuh-sepuh makaten: Wong dursila
nuwuhake kadursilan. Nanging tangan kawula
boten badhe nempuh panjenengan dalem.
[14] (24-15) Ratunipun Israel nglurugi perang
sinten? Sinten ingkang panjenengan dalem
oyak-oyak? Segawon pejah! Namung pinjal!
[15] (24-16) Milanipun, mugi Sang Yehuwah
dadosa hakim ingkang ndhawahaken kaleresan
ing antawisipun kawula kaliyan panjenengan
dalem. Panjenenganipun mugi ngudanenana

saha mbelani prakawis kawula lan paring
kaadilan dhumateng kawula saha ngluwari
kawula saking asta dalem."
16 (24-17) Bareng Sang Dawud wus rampung
anggone munjuk mengkono iku marang Sang
Prabu Saul, Sang Prabu Saul banjur ngandika:
"Apa iku suwaranira, he putraningsun Dawud?"
Sawuse iku Sang Prabu muwun kanthi suwara
dumeling. 17 (24-18) Pangandikane marang
Sang Dawud: "Becik sira tinimbang ingsun,
amarga sira nandukake kabecikan marang
ingsun, mangka ingsun nandukake piala
marang sira. 18 (24-19) Ing dina iki sira
wus nelakake kabecikanira marang ingsun.
sanadyan Sang Yehuwah wus masrahake
ingsun marang tanganira ewadene sira
ora nyedani ingsun. 19 (24-20) Saupama
sawijining wong kepethuk karo satrune apa
iya dieculake temah iku bisa lunga kanthi
slamet? Muga-muga Sang Yehuwah ngganjara
kabecikan marang sira, minangka lirune apa
kang wus sira tandukake marang ingsun
ing dina iki. 20 (24-21) Anadene ingsun wis
mirsa, yen sira mesthi bakal jumeneng ratu
lan kapraboning Israel bakal lestari santosa
ana ing tanganira. 21 (24-22) Mulane ingsun
mundhut supatanira marang ingsun demi
asmane Sang Yehuwah, yen sira ora bakal
nyirnakake tedhak-turuningsun sarta mbusek
asmaningsun saka ing kulawarganingsun."
22 (24-23) Sang Dawud banjur supaos marang
Sang Prabu Saul, Sang Prabu Saul tumuli
kondur menyang ing daleme, dene Sang

Dawud sabalane padha munggah ing beteng gunung.

Sedane Nabi Samuel

25:1

25 [1] Kacarita Nabi Samuel seda; sakehe wong Israel padha nglumpuk nangisi lan metak panjenengane ana ing daleme ing Rama. Lan Sang Dawud nuli tata-tata sarta banjur bidhal menyang ing ara-ara samun ing Paran.

Sang Dawud, Nabal lan Abigail

25:2-44

[2] Nalika samana ing Maon ana sawijining wong lanang, kang duwe panggaotan ana ing Karmel. Wong iku sugih banget; duwe wedhus gembel telung ewu lan wedhus jawa sewu. Wong iku ana ing Karmel mbeneri mbathili wedhus-wedhuse.
[3] Ana dene jenenge Nabal lan somahe Abigail. Wong wadon iku limpad ing budi lan ayu rupane, nanging sing lanang iku kasar lan wateke ala. Wong iku turune Kaleb.
[4] Nalika Sang Dawud miyarsa ana ing pasamunan, yen Nabal lagi mbathili wedhuse,
[5] banjur utusan wong sepuluh, iku padha dipangandikani: "Menyanga ing Karmel lan nemonana Nabal. Takokna kaslametane atas jenengku
[6] lan tekakna salam taklimku iki marang dheweke: Mugi wilujenga!
Mugi wilujenga panjenengan, kulawarga

panjenengan, saha tiyang ingkang sami
ndherek panjenengan. 7 Mentas kemawon kula
tampi wartos, bilih sampeyan saweg mbathili
menda. Dene para pangen panjenengan boten
nate kula arubiru lan boten wonten menda
satunggal-tunggala ingkang ical salebetipun
kula sami wonten ing Karmel. 8 Kula aturi
ndangu para pangen panjenengan piyambak,
temtu badhe matur dhateng panjenengan bilih
pancen makaten. Milanipun tiyang punika sami
manggiha sihpiwelas panjenengan, punika rak
kaleresan dinten riyaya? Panjenengan karsaa
maringi punapa sawontenipun dhateng para
abdi panjenengan saha ingkang putra Dawud.”
9 Satekane ing kana utusane Sang Dawud
padha matur marang Nabal atas asmane Sang
Dawud ngepleki kaya kang dadi piwelinge
Sang Dawud, nuli padha ngenteni. 10 Nanging
Nabal mangsuli marang para utusane Sang
Dawud mau, pangucape: “Dawud iku sapa?
Anake Isai iku sapa? Ing wektu iki akeh
para batur kang minggat ninggal bendarane.
11 Apa memper aku njupuk rotiku, banyu
omben-ombenku lan kewan belehanku kang
daksembeleh kanggo wong-wongku juru
ngguntingi, dakwenehake marang wong kang
ora genah saka ngendi pinangkane?”
12 Para utusane Sang Dawud nuli padha bali
lan sabaline padha matur marang Sang Dawud
ngepleki kaya kang diucapake dening Nabal
marang wong-wong mau. 13 Sang Dawud
nuli ngandika marang balane: “Kowe kabeh
padha nyengkelita pedhang!” Nuli padha

nyengkelit pedhang; Sang Dawud piyambak
uga nyengkelit pedhange. Ing wektu samana
ana wong watara patang atus kang padha
ndherekake Sang Dawud nglurug, dene kang
rong atus padha kari tunggu barang-barange.
14 Nanging Abigail, somahe Nabal, diwartani
dening salah sawijining bature, pangucape:
“Kauningana, Sang Dawud mentas utusan
tiyang saking pasamunan ngaturi wilujeng
dhateng bendara kula, nanging malah dipun
ungel-ungeli awon. 15 Mangka tiyang-tiyang
punika sami sae sanget tandukipun dhateng
kula sadaya, sami boten ngarubiru kula lan
kula sami boten kecalan punapa-punapa
salaminipun kula sami sesrawungan kaliyan
tiyang-tiyang punika wonten ing pangenan.
16 Tiyang-tiyang punika sami prasasat pager
tembok ing sakubeng kula rinten dalu,
salaminipun kula sami ngengen menda wonten
ing sacelakipun. 17 Milanipun, panjenengan
galih saha panjenengan limbang-limbang,
punapa ingkang prayogi panjenengan lampahi,
amargi sampun dipun temtokaken, bilih
bendara kula dalasan sakulawarganipun badhe
manggih bilai, mangka bendara kula punika
panggalihipun awon, temah boten saged dipun
ajak rerembagan.” 18 Abigail enggal-enggal
banjur njupuk roti rong atus iji, anggur rong
impes, wedhus gembel lima kang wis kaolah,
emping gandum limang taker, kuweh kismis
satus emplek, kuweh anjir rong atus iji,
dimotake ing kuldi; 19 banjur prentah marang
para bature: “Lumakua ndhisiki aku, aku

enggal nututi kowe." Nanging Nabal, bojone
ora diwenehi sumurup.
20 Nalika wong wadon iku nunggang kuldi
medhun metu ing saselaning gunung, Sang
Dawud sabalane uga mandhap ngener marang
dheweke; temahan padha pethukan. 21 Maune
Sang Dawud wus ngandika: "Tanpa guna
anggonku padha ngayomi bandhane wong
iku ana ing pasamunan, nganti ora kelangan
apa-apa, kabecikanku kok diwales piala.
22 Gusti Allah muga ndhawahna paukuman
marang Dawud, malah ngluwihana iku,
manawa ngantia sesuk ing kono isih ana wong
lanang siji bae kang urip."
23 Nalika Abigail ndeleng Sang Dawud,
age-age mudhun saka ing kuldine, banjur
sujud nyembah ana ing ngarsane Sang
Dawud, nganti konjem ing bumi. 24 Abigail
nyungkemi padane Sang Dawud sarta matur:
"Dhuh bendara kawula, kawula piyambak
ingkang nyanggi kalepatan. Kalilana kawula
matur wonten ing ngarsa dalem, kawula aturi
midhangetaken aturipun abdi dalem punika.
25 Bendara kawula sampun ngantos nggalih
dhateng pun Nabal, ingkang watekipun awon
punika, sebab kadosdene namanipun Nabal
inggih goblog tiyangipun. Nanging kawula,
abdi dalem, boten sumerep tiyang-tiyang
ingkang panjenengan dalem utus. 26 Margi
saking punika, dhuh bendara kawula,
demi asmanipun Sang Yehuwah, ingkang
gesang saha asma dalem, ingkang dipun
penggak dening Pangeran Yehuwah anggen

panjenengan dalem badhe ngwutahaken
rah lan tumindak piyambak ngupados
kaleresan, kajengipun kados Nabal mengsah
panjenengan dalem saha tiyang ingkang badhe
nandukakaken piawon dhateng panjenengan
dalem. 27 Milanipun atur-atur ingkang kabekta
dening abdi dalem punika kaparingna
dhateng para tiyang ingkang sami ndherek
panjenengan dalem. 28 Panjenengan dalem
mugi karsaa ngapunten kalepatanipun abdi
dalem, amargi Sang Yehuwah temtu badhe
mbangun malih tedhak-turun panjenengan
dalem ingkang santosa; panjenengan
dalem punika nindakaken perangipun
Sang Yehuwah, lan boten wonten ingkang
awon ingkang pinanggih ing panjenengan
dalem ing sasugeng panjenengan dalem.
29 Manawi wonten tiyang ingkang gumregah
badhe ngarah nyawa panjenengan dalem,
nyawa panjenengan dalem badhe rinimatan
ing buntelan panggenaning para tiyang
ingkang gesang wonten ing ngarsanipun
Sang Yehuwah, Gusti Allah panjenengan
dalem, namung nyawanipun para mengsah
panjenengan dalem badhe kabandhilaken
saking lekokaning bandhil. 30 Manawi Sang
Yehuwah nandukakaken ingkang cundhuk
kaliyan sakathahing kasaenanipun kados
ingkang kadhawuhakaken Pangeran dhumateng
panjenengan dalem lan panjenengan dalem
kadhawuhan dados ratunipun bangsa Israel,
31 panjenengan dalem boten perlu sekel
ing galih lan kaduwung margi ngwutahaken

rah tanpa sebab, saha panjenengan dalem
tumindak piyambak ngupados kaleresan. Lan
manawi Sang Yehuwah nandukaken kasaenan
dhateng bendara kawula, mugi ngengetana
dhateng abdi paduka punika.”
32 Sang Dawud tumuli ngandika marang
Abigail: “Pinujia asmane Pangeran Yehuwah,
Gusti Allahe Israel, kang ngutus kowe
methukake aku ing dina iki. 33 Pinujia
kawicaksananmu lan pinujia kowe dhewe,
dene ing dina iki kowe menggak aku saka
anggonku arep ngwutahake getih lan tumindak
dhewe ngupaya kabeneran. 34 Nanging demi
asmane Sang Yehuwah, Gusti Allahe Israel
kang gesang, kang menggak aku saka
anggonku arep nandukake piala marang
kowe -- saupama kowe ora age-age teka
methukake aku, wong-wonge Nabal kang
lanang mesthi ora bakal ana siji-sijia kang
kari urip nganti ing wayah byar esuk.” 35 Sang
Dawud banjur nampeni saka wong wadon iku
apa kang dicaosake marang panjenengane,
sarta ngandika: “Muliha kanthi slamet; lan
aku wis krungu aturmu lan bakal nyembadani
panyuwunmu.”
36 Saulihe Abigail tekan ing panggonane
Nabal, lah wonge lagi nganakake bujana
ing omahe wis kaya bujananing raja. Nabal
bungah-bungah nganti mendem kepati,
mulane kang wadon ora martani sakecap-
kecapa, nganti tumeka byar esuk. 37 Nanging
esuke, nalika Nabal wus ora mendem, lagi
diblakani dening somahe mungguh sakehe

prakara iku. Dumadakan jantunge mandheg
ing dhadhane lan awake kaku. 38 Lan let watara
sepuluh dina sawise iku Pangeran Yehuwah
nggebag Nabal, nganti dadi lan patine.
39 Nalika wartane kapireng dening Sang
Dawud, pangandikane: "Pinujia asmane
Sang Yehuwah, kang mbelani aku ing bab
panyamahe Nabal marang aku lan ngampah
abdine saka ing panggawe ala. Sang Yehuwah
wis nampekake pialane Nabal marang
sirahe dhewe." Sang Dawud banjur utusan
wong ngrembug karo Abigail anggone arep
dipundhut garwa.
40 Para abdine Sang Dawud nuli nemoni
Abigail ana ing Karmel lan pratela marang
wong wadon iku mangkene: "Sang Dawud
ngutus kula sowan panjenengan, panjenengan
punapa karsa dipun pundhut garwa?" 41 Wong
wadon iku tumuli gumregah ngadeg, sujud
nyembah sumungkem raine konjem ing bumi
sarta matur: "Abdi paduka punika saestu
kepengin dados parekan ingkang ngwisuhi
sukunipun para abdi paduka punika." 42 Abigail
banjur enggal-enggal tata-tata lan nunggang
kuldine lan diiringake batur wadon lima.
Abigail budhal ngetutake utusane Sang Dawud
iku, lan banjur dadi garwane Sang Dawud.
43 Uga Ahinoam wong ing Yizreel wus
dipundhut dadi garwane. Putri loro mau dadi
garwane. 44 Nanging Sang Prabu Saul wus
nrimakake Sang Putri Mikhal, putrane putri
marang Sang Palti bin Lais, kang saka ing
Galim.

Sang Dawud ngeman nyawane Sang Prabu Saul kang kaping pindhone

26:1-25

26 [1] Ana wong kang saka ing Zif seba
marang ing ngarsane Sang Prabu
Saul ing Gibea sarta matur: “Dawud ndhelik
wonten ing pareden Hakhila ing pasamunan.”
[2] Sang Prabu Saul banjur samekta lan tindak
menyang ing pasamunan kadherekake wong
Israel pepilihan telung ewu sumedya nglari
Sang Dawud menyang ing pasamunan Zif.
[3] Sang Prabu Saul ngadegake kemah ana ing
gunung Hakhila ngadhepake pasamunan ing
pinggir dalan. Dene Sang Dawud lereb ana
ing pasamunan. Bareng Sang Dawud mirsa,
yen Sang Prabu Saul nututi menyang ing
pasamunan, [4] banjur utusan para telik, nuli
kasumurupan, yen Sang Prabu Saul rawuh
temenan. [5] Sang Dawud banjur tindak murugi
pakemahane Sang Prabu Saul. Bareng Sang
Dawud mirsa pasareyane Sang Prabu Saul karo
Sang Abner bin Ner, senapatine, -- Sang Prabu
sare ana ing satengahe pakemahan, dene para
wadyabalane akemah ing sakubenge -- [6] Sang
Dawud banjur ngandika marang Akhimelek,
wong Het lan Abisai bin Zeruya, sadulure Yoab
mangkene: “Sapa kang melu aku marani
pakemahane Sang Prabu Saul.” Wangsulane
Abisai: “Kula ingkang badhe ndherek.”

[7] Sang Dawud karo Abisai tekan ing
panggonane bala ing wayah bengi lan ing kana

Sang Prabu Saul katon sare ana ing satengahe
pakemahan, tumbake tumanjeb ing bumi ing
ulon-ulone, dene Sang Abner lan balane padha
nggléthak ana ing sakubenge. 8 Abisai banjur
matur marang Sang Dawud : “Ing dinten
punika Gusti Allah sampun masrahaken satru
panjenengan wonten ing asta panjenengan,
milanipun kalilanana kula nunjemaken Sang
Prabu ing bumi kaliyan waos punika, cekap
namung sajojohan kemawon, boten sisah
kaping kalih.” 9 Nanging Sang Dawud ngandika
marang Abisai: “Aja koksedani panjenengane,
amarga sapa ta kang namakake tangane
marang jebadane Sang Yehuwah, kok ora luput
saka ing paukuman?” 10 Sang Dawud ngandika
maneh: “Demi asmane Pangeran Yehuwah
kang gesang, Pangeran Yehuwah kang bakal
nggebag, embuh nganti tumeka ing patine,
embuh marga nglurug perang lan tiwas ana
ing paprangan. 11 Muga Pangeran Yehuwah
ngedohna aku saka namakake tanganku
marang jebadane Pangeran Yehuwah. Tumbak
kang ana ing ulon-ulone lan kendhi iku
jupuken lan payo padha lunga.” 12 Sang Dawud
banjur mundhut tumbak lan kendhi saka ing
ulon-ulone Sang Prabu Saul, karone banjur
padha mundur. Ora ana kang meruhi, ora ana
kang ngonangi, ora ana kang nglilir, amarga
kabeh padha turu kepati, awit Pangeran
Yehuwah damel supaya wong-wong iku padha
turu kepati. 13 Bareng Sang Dawud wis rawuh
ing sabrang ing sisih kana, nuli jumeneng
ana ing pucaking gunung, kapara adoh dadi

lete adoh karo wong-wong mau. 14 Sang
Dawud banjur nguwuh-uwuh marang balane
lan Senapati Abner bin Ner, pangandikane:
“Senapati Abner, kenging punapa sampeyan
boten sumaur?” Senapati Abner mangsuli:
“Kowe iki sapa kang nguwuh-uwuh marang
Sang Prabu?” 15 Sang Dawud ngandika maneh
marang Sang Abner: “Sampeyan punika
rak tiyang jaler? Sinten ing antawisipun
bangsa Israel ingkang nyameni sampeyan?
Kenging punapa sampeyan boten ngreksa
dhateng ratu sampeyan? Amargi wonten
tiyang saking panunggilanipun rakyat ingkang
dhateng badhe nyidra Sang Prabu, Gusti
sampeyan. 16 Ingkang sampeyan tindakaken
punika boten sae. Demi asmanipun Pangeran
Yehuwah agesang, sampeyan wajib dipun
pejahi, amargi sampeyan boten ngreksa
gusti sampeyan, jebadanipun Sang Yehuwah.
Sapunika, sampeyan titipriksa, wonten ing
pundi waos saha lantingan ingkang wonten ing
ulon-ulonipun Sang Prabu?”

17 Sang Prabu Saul ora pangling marang
swarane Sang Dawud, banjur ngandika:
“Iku apa swaranira, putraningsun Dawud?”
Sang Dawud mangsuli ature: “Inggih dhuh
gusti kawula Sang Prabu punika swanten
kawula.” 18 Sang Dawud nuli matur maneh:
“Kenging punapa ta panjenengan dalem
kok nguya-uya abdi dalem punika? Punapa
kalepatan kawula? Kalepatan piawon punapa
ta tangan kawula? 19 Milanipun, gusti kawula
Sang Prabu mugi miyarsakna aturipun abdi

dalem punika. Manawi Pangeran Yehuwah
ingkang ngosikakaken panjenengan dalem
supados nglawan dhumateng kawula, mugi
Pangeran sinaosana gandaning kurban
sesaosan, nanging manawi punika para
anaking manungsa, kenginga ipat-ipat wonten
ing ngarsanipun Pangeran Yehuwah, amargi
tiyang-tiyang punika sami nundhung kawula,
temah kawula boten angsal panduman
saking kagunganipun Gusti Allah kaliyan
tembungipun: Lungaa, ngabektia marang
allah liyane. [20] Milanipun, rah kawula sampun
ngantos wutah ing bumi tebih saking
ngarsanipun Pangeran Yehuwah. Awitdene
ratunipun Israel ngarah nyawa kawula,
kados mbujeng ayam wana ing pareden.”
[21] Sang Prabu Saul banjur ngandika: “Ingsun
iki gawe dosa, muliha dhuh putraningsun
Dawud, amarga ingsun ora bakal nindakake
piala maneh marang sira, awit ing dina iki
ana pangemanira marang nyawaningsun;
tindak-tandukingsun iku sanyata tanpa budi
lan ingsun kesasar babar pisan.” [22] Nanging
Sang Dawud mangsuli ature: “Lah punika waos
kagunganipun Sang Prabu, dhuh gusti kawula!
Salah satunggaling abdi paduka kadhawuhana
nyabrang murugi punika. [23] Pangeran Yehuwah
badhe males kasaenan lan kasetyanipun
saben tiyang, amargi Pangeran Yehuwah
ing dinten punika sampun masrahaken
panjenengan dalem wonten ing tangan
kawula, nanging abdi dalem boten purun
ngagagaken tanganipun dhateng jebadaning

Pangeran Yehuwah. 24 Sajatosipun, kados dene
nyawa dalem sampun kawula eman wonten
ing ngajeng kawula, makaten ugi mugi nyawa
kawula kaemana wonten ing ngarsanipun
Pangeran Yehuwah, lan mugi Panjenenganipun
ngluwari kawula saking sakathahing bebaya.”
25 Sang Prabu Saul banjur ngandika marang
Sang Dawud: “Muga sira binerkahan, dhuh
putraningsun Dawud. Apa bae kang sira
tandangi, mesthi sira bisa nindakake.”

Sang Dawud banjur nerusake tindake saparan-paran lan Sang Prabu Saul kondur menyang ing daleme.

Sang Dawud ana ing satengahe bangsa Filisti

27:1-12

27 1 Nanging Sang Dawud panggalihe
mengkene: “Kapriye bae ing sawijining
dina aku mesthi nemu tiwas dening astane
Sang Prabu Saul. Dadi luwih becik manawa
aku enggal-enggal sumingkir saka ing kene
menyang ing negarane wong Filisti, temah
tumrap Sang Prabu Saul bakal ora bisa
nglari aku maneh ana ing saindenging tanah
Israel lan aku bakal uwal saka ing astane.”
2 Sang Dawud nuli samekta lan banjur tindak
mrana karo wong nem atus, kang padha
ndherekake panjenengane, sowan marang
ing ngarsane Sang Prabu Akhis, bin Maokh,
ratu ing kutha Gat. 3 Sang Dawud sabalane
padha lereb ing bawahe Sang Prabu Akhis ing

Gat, sawiji-wijine kanthi kulawargane; Sang
Dawud karo garwane loro, yaiku Ahinoam,
wong wadon saka ing Yizreel lan Abigail, tilas
somahe Nabal, wong wadon saka ing Karmel.
4 Sawuse diaturake marang Sang Prabu Saul,
yen Sang Dawud wus ngungsi menyang ing
Gat, panjenengane wis ora nggoleki maneh.
5 Sang Dawud matur marang Sang
Prabu Akhis: "Manawi kawula manggih
sihpiwelas wonten ing ngarsa dalem, kawula
mugi kaparingana panggenan ing salah
satunggaling kitha ing tanah ngare, kenginga
kawula enggeni. Punapa damelipun abdi
dalem manggen wonten ing kithanipun kraton
dalem?" 6 Ing wektu samana Sang Dawud
banjur diparingi kutha Ziklag, iku jalarane
Ziklag dadi kagungane para ratu ing Yehuda
nganti saprene. 7 Sang Dawud manggen ing
wewengkone wong Filisti lawase setaun patang
sasi.
8 Sang Dawud sabalane mangsah nglurug
wong Gesur, wong Girzi lan wong Amalek,
amarga wong iki kang padha ngenggoni
negara iku wiwit saka Telam terus tekan tanah
Sur lan tanah Mesir. 9 Nalika Sang Dawud
nempuh kutha iku, ora ana siji bae kang
diuripi, iya lananga iya wadona. Sang Dawud
njarah wedhus-wedhus, sapi, kuldi unta lan
sandhangane, banjur bali sowan marang
Sang Prabu Akhis. 10 Yen Sang Prabu Akhis
ndangu: "Ngendi kang sira tempuh ing dina
iki?" Sang Dawud matur: "Ing tanah Negeb
Yehuda" utawa "Ing tanah Negeb tlatahipun

tiyang Yerahmeel” utawa “Ing tanah Negeb,
tlatahipun bangsa Keni.” 11 Sang Dawud ora
nguripi wong siji-sijia, iya lananga iya wadona,
kang banjur dibandhang menyang ing Gat,
amarga nggalih: “Aja nganti padha martakake
bab iku kabeh mangkene: Iki kang ditindakake
Dawud.” Mangkono pratingkahe salawase
manggon ana ing wewengkone bangsa Filisti.
12 Anadene Sang Prabu Akhis pracaya marang
Sang Dawud, amarga nggalih: “Dawud wus
ndadekake awake sinengitan dening bangsane,
dheweke mesthi tetep dadi abdiningsun ing
salawas-lawase.”

Sang Prabu Saul ana ing desa Endor

28:1-25

28 1 Ing wektu samana wong Filisti
ngerigake wadyabalane nglurug perang
nglawan wong Israel. Sang Prabu Akhis nuli
ngandika marang Sang Dawud: “Kawruhana,
yen sira sawadyabalanira ora kena ora kudu
ndherek nglurug perang karo ingsun.” 2 Atur
wangsulane Sang Dawud marang Sang
Prabu: “Nuwun inggih, panjenengan dalem
badhe mirsa, punapa ingkang badhe dipun
tindakaken dening abdi dalem punika.” Sang
Prabu ngandika marang Sang Dawud: “Mulane
sira sunsengkakake dadi pangawalingsun
piyambak salawas-lawase.”
3 Dene Nabi Samuel wus seda. Sakehing
wong Israel padha nangisi lan nyarekake
panjenengane ana ing kuthane, ing Rama.

Anadene Sang Prabu Saul wus nundhungi
para prewangan lan juru mbebatang saka ing
nagara.
4 Wong Filisti iku padha nglumpuk lan banjur
mangkat nglurug lan ngedegake kemahe
ana ing sacedhake Sunem. Dene Sang Prabu
Saul ngerigake sakehe wong Israel, banjur
padha ngedegake kemahe ana ing Gilboa.
5 Bareng Sang Prabu Saul mirsa wadyabala
Filisti, panjenengane ajrih lan gumeter banget.
6 Lan Sang Prabu Saul neges marang Sang
Yehuwah, nanging Sang Yehuwah ora paring
wangsulan, apa srana impen utawa Urim
apa lantaran para nabi. 7 Sang Prabu Saul
banjur ngandika marang para punggawane:
“Ingsun golekna wong wadon prewangan,
ingsun bakal mrana lan mundhut pituduhe.”
Para punggawane padha munjuk marang
Sang Prabu: “Ing Endor wonten tiyang estri
prewangan.” 8 Sang Prabu banjur namur
lampah ngrasuk pangageman seje lan tindak
kadherekake abdi loro. Bareng Sang Prabu
ing wayah bengi rawuh ing panggonane wong
wadon mau, banjur ngandika: “Mara aku
tenungna lumantar roh lan undangna wong
kang bakal dakpratelakake.” 9 Nanging wong
wadon mau mangsuli: “Panjenengan rak
temtu mangretos, ingkang dipun tindakaken
Sang Prabu Saul, bilih Sang Prabu sampun
nyirnakaken saking nagari para prewangan lan
juru mbebatang. Kenging punapa panjenengan
masangi jiret nyawa kula kadamel mejahi
kula?” 10 Sang Prabu Saul banjur supaos demi

asmane Sang Yehuwah, pangandikane: “Demi
asmane Sang Yehuwah agesang, kowe ora
bakal kaluputan marga saka prakara iki.”
11 Sawuse iku wong mau pitakon: “Sinten
ingkang kedah kula dhatengaken, supados
ngatingali panjenengan?” Paring wangsulane
Sang Prabu Saul: “Aku undangna Nabi Samuel,
supaya ngatingali marang aku.” 12 Bareng
wong wadon mau ndeleng Nabi Samuel, njerit
klawan swara dumeling. Wong wadon mau
banjur matur marang Sang Prabu mangkene:
“Kenging punapa panjenengan dalem ngapusi
abdi dalem? Panjenengan dalem punika Sang
Prabu Saul piyambak!” 13 Sang Prabu banjur
ngandika marang wong wadon iku: “Sira aja
wedi. Apa kang sira deleng?” Wong wadon
iku mangsuli ature: “Kawula ningali wonten
makhluk ilahi jumedhul saking bumi.” 14 Sang
Prabu banjur ndangu marang wong wadon iku:
“Rupane kapriye?” Atur wangsulane: “Wonten
tiyang sepuh jumeneng ngagem jubah.”
Sang Prabu banjur mangretos, yen iku Nabi
Samuel. Panjenengane banjur sumungkem
karo wedanane konjem ing bumi lan sujud
nyembah.
15 Sawuse iku Nabi Samuel ngandika marang
Sang Prabu Saul: “Geneya kowe ngregoni aku
lan nekakake aku?” Wangsulane Sang Prabu
Saul: “Kula kepepet sanget, bangsa Filisti
nglurugi perang nglawan kula lan Gusti Allah
sampun linggar saking kula. Panjenenganipun
sampun boten miyarsakaken pandonga
kula malih, inggih dadosa lumantar para

nabi, dadosa sarana impen. Milanipun kula
ngaturi panjenengan, supados maringi pitedah
dhateng kula, punapa ingkang wajib kula
lampahi.” 16 Nabi Samuel banjur ngandika:
“Yagene kowe kok takon marang aku, ujer
Sang Yehuwah wis linggar saka kowe lan dadi
satrumu? 17 Sang Yehuwah wis nindakake apa
kang didhawuhake lumantar aku tumrap kowe,
yaiku: Sang Yehuwah wus nyuwek karajan
saka ing tanganmu lan kaparingake marang
wong liyane, marang Dawud. 18 Amarga
kowe ora ngestokake dhawuhe lan ora
ngleksanani mulad-mulading bebendune
marang wong Amalek, yaiku jalarane Sang
Yehuwah nandukake prakara iki marang kowe
ing dina iki. 19 Apadene Sang Yehuwah bakal
masrahake wong Israel bareng karo kowe
marang tangane wong Filisti, lan sesuk kowe
sarta anak-anakmu bakal nunggal karo aku.
Wadya-bala Israel bakal kapasrahake uga
dening Sang Yehuwah marang tangane wong
Filisti.” 20 Padha sanalika Sang Saul dhawah
nggejojor, amarga saka bangeting ajrihe
bareng mireng pangandikane Nabi Samuel
iku. Uga wus ora kagungan karosan maneh,
amarga sadina sawengi ora dhahar apa-apa.

21 Wong wadon mau nyedhaki Sang
Prabu Saul banjur sumurup, yen Sang
Prabu banget kagete. Wong wadon mau
banjur munjuk: “Lah abdi dalem sampun
ngestokaken pamundhut panjenengan dalem
lan ngleksanani dhawuh pangandika dalem
klayan ngetohaken nyawa kawula. 22 Milanipun

mugi karsaa miyarsakaken panyuwunipun
abdi dalem. Kalilanana kawula nyaosi
panjenengan dalem roti sairis, kadhahara,
supados panjenengan dhalem angsal
kakiyatan, manawi panjenengan dalem badhe
nglajengaken tindak.” 23 Nanging Sang Prabu
Saul ora karsa sarta ngandika: “Ingsun ora
arep dhahar.” Nanging nalika para abdine lan
wong wadon mau ndhesek banget, panyuwune
nuli dituruti, banjur jumeneng saka ing bumi
lan lenggah ana ing amben. 24 Wong wadon
mau duwe pedhet lemon ana ing omahe, iku
banjur age-age disembeleh. Banjur njupuk
glepung gandum, diulet lan dipanggang dadi
roti tanpa ragi. 25 Iku mau kabeh diladekake
ing ngarsane Sang Prabu Saul lan ing ngarepe
para punggawane, kabeh nuli padha mangan.
Sawuse iku banjur padha ngadeg lan ing bengi
iku uga padha lunga saka ing kono.

Sang Dawud diaturi kondur dening wong Filisti

29:1-11

29 1 Wong Filisti ngumpulake sakehe
wadyabalane ana ing Afek, dene wong
Israel pacak baris ana ing sacedhake sendhang
ing Yizreel. 2 Nalika para raja-kutha ing Filisti
padha tindak ngliwati golonganing bala atusan
lan ewon lan nalika Sang Dawud kanthi
balane uga baris ana ing burine ndherekake
Sang Prabu Akhis, 3 para panggedhe Filisti
mau padha ngandika: “Punapa perlunipun

tiyang Ibrani punika?” Paring wangsulane
Sang Prabu Akhis: “Punika rak Dawud,
rencangipun Saul, ratu ing Israel, ingkang
sampun sataun kalih taun punika tumut
kula, boten pinanggih kalepatanipun babar
pisan wiwit nalika mbalik ngantos dumugi
sapriki?” 4 Nanging para senapatine wong
Filisti padha duka marang raja Akhis sarta
ngucap: “Tiyang punika panjenengan dhawuhi
mantuk kemawon, kajengipun wangsul
dhateng panggenan, ingkang panjenengan
tedahaken, lan sampun ngantos tumut perang
kaliyan kita, supados sampun ngantos mbalik
nglawan kita wonten ing paprangan. Awit
punapa ta ingkang kenging kangge mendhet
galihing gustinipun, kajawi sarana masrahaken
sirahipun tiyang-tiyang punika? 5 Punika rak
Dawud ingkang kangge kekidungan klayan
sesauran sinambi jejogedan:

Sang Prabu Saul ngasorake mungsuh ewon
nanging Dawud puluhan ewon.”

6 Sang Prabu Akhis banjur nimbali Sang
Dawud, pangandikane: “Demi asmane Sang
Yehuwah agesang, sira iku wong kang temen
lan ingsun nganggep sira becik, yen sira mlebu
metu ndherek ingsun ana ing satengahing
wadyabala ing paprangan, wiwit sira ndherek
marang ingsun nganti tumeka saprene,
nanging sira ora disenengi para ratuning
kutha-kutha. 7 Mulane sira muliha, mangkata
kanthi slamet lan aja nindakake apa kang ala
ana ing paningale para ratuning kuthane wong
Filisti.”

[8] Nanging Sang Dawud matur marang
Sang Prabu Akhis: “Punapa ingkang dados
pandamel kawula? Punapa kalepatanipun
abdi dalem punika, wiwit kawula ndherek
panjenengan dalem, ngantos ing dinten
punika, dene ngantos boten dipun parengaken
ndherek panjenengan dalem perang nglawan
mengsahipun gusti kawula Sang Prabu?”
[9] Paring wangsulane Sang Prabu Akhis marang
Sang Dawud: “Ingsun ngreti, yen sira iku
sunsenengi kaya dene utusane Gusti Allah;
mung bae para senapatine wong Filisti
wis padha ngandika: Wong iku ora kena
melu perang karo kita. [10] Dadine sesuk
esuk umun-umun tangia dalah wong-wonge
gustinira kang tekane bareng karo sira; tangia
kang esuk, yen wis padhang nuli budhala!”
[11] Esuk umun-umun Sang Dawud wungu dalah
para wadyabalane, banjur padha budhal bali
menyang ing tanahe wong Filisti, dene wong
Filisti padha nglurug menyang ing Yizreel.

Ziklag kaobong. Pamalese Sang Dawud marang wong Amalek

30:1-25

30 [1] Nalika Sang Dawud rawuh sabalane
ing Ziklag, ing dina katelune, wong
Amalek wis nempuh tanah Negeb lan Ziklag.
Ziklag wis disorake lan kaobong. [2] Wong-wong
wadon lan sakehe wong lanang kang ana ing
kono, tuwa anom, wis padha ditawan, tanpa
ana kang dipateni siji-sijia, kabeh padha

kagiring kalawan nerusake lakune. 3 Bareng
Sang Dawud sabalane rawuh ing kono,
kutha iku wus kobong nganti entek, dene
para bojone lan anak-anake lanang wadon
padha ditawan. 4 Sang Dawud muwun, sarta
para balane kabeh padha nangis, dumeling
swarane, nganti kentekan swara. 5 Garwane
Sang Dawud karo pisan uga katut katawan,
yaiku: Ahinoam, wong wadon saka Yizreel, lan
Abigail randhane Nabal wong ing Karmel. 6 Lan
Sang Dawud wis kepepet banget, amarga
balane wis padha rasanan arep mbenturi watu.
Wong kabeh padha susah banget atine, jalaran
saka bojone lan anake lanang-wadon. Nanging
Sang Dawud nyantosakake piandele marang
Sang Yehuwah, Gusti Allahe.

7 Sang Dawud banjur dhawuh marang Imam
Abyatar bin Akhimelekh: “Efodipun sampeyan
bekta mriki.” Imam Abyatar banjur ngaturake
Efode marang Sang Dawud. 8 Sang Dawud
banjur munjuk marang Pangeran Yehuwah:
“Kawula punapa Paduka karsakaken mbujeng
grombolan punika? Punapa kawula saged
nututi?” Lan Panjenengane ngandika marang
Sang Dawud: “Burunen, awit sira mesthi
bakal bisa nututi wong-wong iku lan ngluwari
para kang padha katawan.” 9 Sang Dawud
banjur bidhal kadherekake bala wong nem
atus, lakune wus padha tekan ing kali Besor;
balane salong ana kang kari ana ing kono.
10 Sang Dawud anggone ngoyak katerusake
didherekake bala wong patang atus. Wong
rong atus kang wis sayah banget, nganti ora

bisa nyabrang ing kali Besor, padha kari ana
ing kono.
11 Sawuse mangkono wong-wong padha
mrangguli wong Mesir ana ing ara-ara; iku nuli
disowanake marang ngarsane Sang Dawud.
Wong iku diwenehi roti banjur mangan nuli
diwenehi ngombe banyu, 12 apadene diwenehi
kuwih anjir sairis, lan kuwih kismis rong
emplek; sawise mangan banjur katon waras
maneh, amarga mentas ora mangan lan ora
ngombe sajrone telung dina telung bengi.
13 Sang Dawud nuli ndangu marang wong
mau: "Kowe iku bature sapa lan pinangkamu
saka ing ngendi?" Wangsulane wong mau:
"Kula punika tiyang nem-neman saking
Mesir, rencangipun tiyang Amalek. Kula dipun
tilar bendara kula, amargi tigang dinten
kepengker kula lajeng sakit. 14 Kula mentas
sami nggepuk Tanah Negeb gadhahanipun
tiyang Kreti tuwin daerah Yehuda saha Tanah
Negeb Kaleb, lan Ziklag sampun kula besmi
ngantos telas." 15 Sang Dawud ndangu maneh:
"Apa kowe bisa nuduhake dalane menyang
panggonane grombolan iku?" Ature wong
mau: "Sumangga panjenengan supaos atas
asmanipun Sang Yehuwah agesang, bilih
panjenengan boten badhe mejahi kula saha
masrahaken badan kula dhateng bendara kula,
kula lajeng badhe nedahaken panggenanipun
grombolan punika." 16 Wong mau banjur
nuduhake dalane marang Sang Dawud mrana,
lan tinemu para wong iku pating prenca ing
saindenging tanah kono, lagi padha mangan

lan ngombe sarta padha nganakake pista,
amarga saka akehe jarahan anggone ngrayah
ana ing tanah Filisti lan Yehuda. 17 Lan esuke
Sang Dawud nggecak wong-wong iku wiwit
esuk umun-umun nganti tekan suruping
srengenge; ora ana wong siji-sijia kang bisa
oncat, kejaba wong nom-noman patang atus
kang bisa mlayu nunggang unta. 18 Sang
Dawud ngluwari kabeh, apa kang dirampas
wong Amalek mau; garwane Sang Dawud
karo pisan uga kaluwaran. 19 Ora ana kang
kecicir, wiwit barang kang remeh tumeka kang
gedhe, dalasan anak-anake lanang wadon;
barang jarahan lan sapanunggalane kang wus
dirampas wong-wong mau; kabeh iku kagawa
bali dening Sang Dawud. 20 Sang Dawud
ngrebat sakehing wedhus lan sapi; kabeh
padha digiring ana ing ngarsane kalawan
nguwuh: "Iki jarahane Sang Dawud."

21 Bareng Sang Dawud rawuh ing
panggonane wong rong atus kang padha
kesayahen ndherekake Sang Dawud, lan kang
diparengake kari ana ing sacedhake kali Besor,
wong iku padha metu methukake rawuhe
Sang Dawud lan wong kang padha ndherek.
Sang Dawud banjur marepeki wong-wong iku
sarta uluk salam. 22 Wusana ana rembuge
wong kang ala lan ambek dursila saka
panunggalane kang ndherekake Sang Dawud,
tembunge: "Sarehne wong iku ora padha
melu kita, aja diwenehi apa-apa saka barang
jarahan, kang wus kita rebut iku kejaba mung
anak-bojone dhewe-dhewe bae. Iku kareben

diepek lan cikben padha lunga.” 23 Nanging
Sang Dawud ngandika: “He para sadulur, aja
padha tumindak kaya mangkono, tumrap
apa-apa kang wus diparingake Sang Yehuwah
marang kita. Panjenengane wis ngayomi kita
lan masrahake grombolan kang nempuh kita
marang ing tangan kita. 24 Sapa kang gelem
ngrungokake tembungmu ing bab prakara
iki? Amarga pandumane wong kang padha
ngreksa barang-barang iku padha kaya kang
nglurug perang, mulane iku bakal diedum
warata.” 25 Lan kaya mangkono tumindake ing
dina iku lan sabanjure; bab iku dipacak dadi
katetepan lan pranatan tumrap wong Israel
nganti saprene.

Sang Dawud ngintuni bebungah marang para tuwa-tuwane Yehuda

30:26-31

26 Bareng Sang Dawud rawuh ing Ziklag,
para tuwa-tuwane Yehuda, para mitra-mitrane
Sang Dawud, padha dikirimi sapanduman
saka barang jarahan kanthi piweling: “Punika
panduman jarahan saking mengsahipun Sang
Yehuwah.” 27 Yaiku mitra-mitrane kang ana ing
Betel, ing Ramot ing Tanah Kidul, ing Yatir,
28 kang ana ing Aroer, ing Sifmot, ing Estemoa,
29 kang ana ing Rakhal, ing kutha-kuthane
wong Yerahmeel, kang manggon ana ing
kutha-kuthane wong Keni, 30 kang ana ing
Horma, ing Bor-Asan, ing Atakh, 31 kang ana

ing Hebron lan ing panggonane Sang Dawud nglembara karo balane.

Sedane Sang Prabu Saul

31:1-13

31 [1] Ing wektu samana wong Filisti padha perang nglawan wong Israel. Wong Israel padha keplayu saka ing ngarepe wong Filisti lan akeh kang padha kapupu ing perang ana ing pagunungan Gilboa.
[2] Wong Filisti ora kendhat-kendhat anggone ngoyak Sang Prabu Saul lan para putrane, lan gawe tiwase Pangeran Yonatan, Abinadab lan Malkisua, para putrane Sang Prabu Saul.
[3] Wasana perange sangsaya ngrekasa kagem Sang Prabu Saul; para prajurit panahan kang padha methukake panjenengane, padha natoni panjenengane kalawan banget.
[4] Sang Prabu Saul nuli ngandika marang abdine kang ngampil gegaman: "Pedhangira unusen lan aku tuweken. supaya aja nganti wong ikuten iku nyuduk aku, sarta aku banjur digawe sawiyah-wiyah." Nanging abdi kang ngampil gegaman iku mopo, amarga ora tegel. Wekasan Sang Prabu Saul mundhut pedhange, iku banjur dirungkebi.
[5] Nalika abdi kang ngampil gegaman weruh, yen Sang Prabu wus seda, iya banjur ngrungkebi pedhange dhewe, temah mati mbelani gustine.
[6] Dadine Sang Prabu Saul lan putrane telu pisan padha seda lan abdi kang ngampil gegaman tuwin sakehing balane padha bareng tiwas ing dina

iku. 7 Bareng dideleng wong Israel, kang
ana ing sisih kanane lebak lan ing sabrange
bengawan Yarden, yen wadyabala Israel wis
padha keplayu, apadene Sang Prabu Saul
dalasan putra-putrane wis padha seda, banjur
padha ninggal kutha-kuthane lan padha
lumayu; wong Filisti nuli padha teka lan
manggon ing kono.

8 Nalika esuke wong Filisti padha teka
mblejedi wong kang mati kepupu, Sang Prabu
lan putrane tetelu padha pating glimpang
ana ing pagunungan Gilboa. 9 Wong Filisti
banjur padha nigas mustakane Sang Prabu
Saul, njarah gegamane, lan banjur kongkonan
wong mubeng ing nagara Filisti supaya
nyebar pawarta iku menyang ing kabuyutane
brahalane lan marang rakyat. 10 Wasana
gegamane Sang Prabu Saul didekek ana ing
kabuyutane Asytoret lan layone dipantek ana
ing baluwertine kutha Bet-Sean.

11 Bareng wong-wong ing kutha Yabesy-
Gilead krungu apa kang katandukake wong
Filisti marang Sang Prabu Saul, 12 sakehing
wong gagah prakosa padha tata-tata lan
budhal bengi-bengi, njupuk layone Sang Prabu
Saul tuwin putra-putrane saka baluwertine
kutha Bet-Sean. Banjur bali mulih menyang
Yabesy lan ngobong layon-layone ana ing
kono. 13 Wong iku padha njupuki tosan-tosane
lan dipetak ana ing sangisore wit esel ing
Yabesy. Sawuse iku banjur padha puwasa
pitung dina lawase.

2 SAMUEL

Senapati Dawud tampi pawarta bab sedane Sang Prabu Saul

1:1-16

1 1 Sasedane Sang Prabu Saul, nalika
Senapati Dawud kondur saka ngasorake
wong Amalek, sarta lereb rong dina ana
ing Ziklag, 2 ing dina katelune ana wong
panunggalane balane Sang Prabu Saul,
panganggone rowak-rawek, lan sirahe kawur-
wuran lemah. Bareng tekan ing ngarsane Sang
Senapati Dawud, sujud konjem ing bumi sarta
nyembah.
3 Sang Dawud ndangu wong mau: “Saka
ngendi tekamu?” Atur wangsulane wong
mau: “Kawula keplajeng saking pabarisanipun
Israel.” 4 Pandangune maneh: “Kapriye
pawartane? Mara aku caritanana!” Atur
wangsulane: “Wadyabala sampun sami
keplajeng saking paprangan, boten namung
panunggilanipun wadyabala kemawon ingkang
ambruk pejah, dalasan Sang Prabu Saul
saha Pangeran Yonatan, putranipun, ugi sami
seda.” 5 Senapati Dawud banjur ngandika
marang wong kang nggawa pawarta iku:
“Kapriye ngretimu, yen Sang Prabu Saul
lan Pangeran Yonatan, putrane wis seda?”
6 Atur wangsulane kang nggawa pawarta

mau: “Kapinujon kawula wonten ing pareden
Gilboa; saking ngriku katingal Sang Prabu Saul
lendhehan ing waosipun, mangka dipun oyak
kreta-kreta tuwin bala kapalan. 7 Nalika noleh
mawingking mirsani kawula, lajeng nimbali
kawula, lan kawula matur: Nuwun, Gusti
kawula. 8 Sang Prabu ndangu dhateng kawula:
Kowe sapa? Wangsulan kawula: Kawula
tiyang Amalek. 9 Lajeng pangandikanipun
dhateng kawula: Mara mrenea, aku patenana,
amarga aku krasa kejeng, nanging nyawaku
isih. 10 Kawula nyelaki Sang Prabu lajeng
kawula sedani, amargi kawula mangretos,
bilih panjenenganipun temtu boten lestantun
gesang, sasampunipun dhawah. Jamanging
mustakanipun saha kelat baunipun sami
kawula pendhet lan punika sadaya kawula
aturaken wonten ing ngarsanipun gusti
kawula.”
11 Senapati Dawud banjur nyuwek-nyuwek
pangagemane lan wong kang padha ngadhep
ana ing ngarsane iya padha tumindak
mengkono. 12 Karodene padha nangis,
anggone padha nangis karo puwasa nganti
tumeka suruping srengenge, marga saka
Sang Prabu Saul lan Pangeran Yonatan
putrane, marga saka umate sang Yehuwah lan
bangsa Israel, jalaran padha mati kapupu ing
pedhang.
13 Senapati Dawud banjur ndangu
maramg wong kang nggawa pawarta mau:
“Pinangkamu saka ngendi?” Atur wangsulane:
“Kawula punika tiyang nglembara, tiyang

Amalek.” 14 Sang Dawud banjur ngandika
marang wong mau: “Kapriye? Apa kowe
ora wedi ngangkat tanganmu nyedani
kang jinebadan ing Sang Yehuwah?”
15 Senapati Dawud banjur nimbali salah
sijine prajurit, dhawuhe: “Mara mrenea,
wong iku pedhangen!” Prajurit mau banjur
medhang wong iku, temah mati. 16 Lan Sang
Dawud ngandika marang wong iku: “Getihmu
nempuhna marang awakmu dhewe, amarga
cangkemmu dhewe nekseni nglawan awakmu
dhewe, amarga kandha: Kawula ingkang
nyedani ingkang jinebadan ing Sang Yehuwah.”

Pamuwune Sang Dawud marga saka Sang Prabu Saul lan Pangeran Yonatan

1:17-27

17 Sang Dawud ngulukake kidung panangis
iku marga saka Prabu Saul lan Pangeran
Yonatan, putrane. 18 Lan panjenengane paring
dhawuh marahake kidung iki marang bani
Yehuda; iku tinulis ana ing layang bab Wong
Temen.

19 He Israel, pepethinganmu seda kapupu
ana ing pagunungganmu!
Kapriye dene para prawira padha sirna!
20 Iku aja diwartakake ana ing Gat,
lan aja digiyarake ana ing lurung-lurunge
Askelon,
supaya para wanita ing Filisti aja nganti
padha suka pari suka,

lan para prawane wong ikutan padha
jingklak-jingklak.
21 He gunung-gunung ing Gilboa,
aja ana ebun utawa udan kang tumurun,
nibani kowe, dhuh ara-araning pepati.
Amarga ana ing kono tamenge para prawira
padha reged,
tamenge Prabu Saul kang ora kambon
lenga jebad.
22 Wong kang mati kapupu tanpa wutahing
getih,
lan para prawira tanpa gajih.
Jemparinge Sang Yonatan ora tau bali
nglaha,
pedhange Prabu Saul ora tau bali
nglenthung.
23 Prabu Saul lan Sang Yonatan, wong kang
kinasihan lan sumlondhoh,
sugenge lan sedane ora pinisah.
Kebate ngluwihi abure manuk garudha,
rosane ngungkuli singa.
24 He para bocah wadon ing Israel, Prabu
Saul tangisana,
kang manganggoni kowe klawan
sandhangan kang endah,
kang bakale kain jingga,
kang ngetrapake pasren emas ing
sandhanganmu.
25 Kapriye ta dene para prawira padha
kepupu ana ing satengahing paprangan!
Sang Yonatan seda kapupu ana ing
pagununganmu.

26 Kula ngraosaken sisah margi saking
panjenengan,
dhuh sadherek kula Yonatan;
panjenengan rumaket sanget dhateng kula;
tumrap kula katresnan panjenengan
punika langkung nggumunaken
katimbang katresnaning wanita.
27 Kapriye ta dene para prawira padha
kapupu,
lan gegamaning perang padha lebur!

Sang Dawud jumeneng ratu ana ing Yehuda

2:1-7

2 1 Sang Dawud banjur munjuk pitakon
marang Pangeran Yehuwah, ature:
“Kawula punapa Paduka karsakaken bidhal
dhateng salah satunggaling kitha ing
Yehuda?” Pangandikane Sang Yehuwah:
“Mangkata!” Senapati Dawud nuli matur:
“Kawula kadhawuhan dhateng pundi?”
Pangandikane Sang Yehuwah: “Menyanga
ing Hebron!” 2 Senapati Dawud banjur tindak
mrana, kadherekake garwane karo pisan:
Ahinoam, wong wadon saka ing Yizreel, lan
Abigail, randhane Nabal, wong ing Karmel.
3 Senapati Dawud uga ngajak para wong
kang ndherekake tindake, sawiji-wijine karo
kulawargane lan padha manggon ana ing
Hebron. 4 Wong Yehuda nuli padha nekani,
sarta padha njebadi panjenengane dadi ratune
para turune Yehuda.

Nalika Sang Prabu Dawud diaturi pirsa, yen
para wong Yabesy-Gilead padha nyarekake
Sang Prabu Saul, 5 Sang Prabu Dawud banjur
utusan wong menyang Yabesy-Gilead, kanthi
kaweling: "Muga sira padha binerkahana ing
Sang Yehuwah, amarga sira wus ngatonake
katresnanira marang Sang Prabu Saul,
gustinira, yaiku anggonira padha nyarekake
layone. 6 Mulane Sang Yehuwah muga
nandukna sih lan kasetyane marang sira.
Ingsun uga bakal nandukake kabecikan iki
marang sira, amarga sira wus nindakake
prakara kang kaya mangkono iku. 7 Disantosa
atinira saiki lan padha dadia wong kang gagah
prakosa, sanadyan gustinira Sang Prabu Saul
wus seda; dene ingsun wus dijebadi dening
tedhake Yehuda dadi ratune."

Peperangan antarane Prabu Dawud lan Pangeran Isyboset

2:8--3:1

8 Sang Abner, bin Ner, senapatine Sang Prabu
Saul, wus nambut Pangeran Isyboset, putrane
Prabu Saul lan didherekake: menyang ing
Mahanaim, 9 sarta dijumenengake dadi ratune
tanah Gilead, wong Asyuri, Yizreel, Efraim lan
Benyamin, malah ngereh salaladane Israel
kabeh. 10 Pangeran Isyboset bin Saul ing wektu
samana yuswane patang puluh taun, nalika
jumeneng ratu, ngereh bangsa Israel, dene
anggone ngasta paprentahan lawase rong
taun. Mung tedhake Yehuda kang ndherek

Sang Prabu Dawud. [11] Prabu Dawud anggone
ngereh tedhake Yehuda ana ing Hebron lawase
pitu setengah taun.
[12] Senapati Abner, bin Ner, klawan balane
Prabu Isyboset, bin Saul nglurug saka ing
Mahanaim menyang ing Gibeon. [13] Sang
Yoab bin Seruya lan balane Prabu Dawud
uga metoni. Anggone ketemu ana ing telaga
Gibeon, nuli padha pacak baris ana ing kono.
Kang siji ana ing sisih kene, sijine ana ing
sisih kana. [14] Senapati Abner ngandika marang
Senapati Yoab: "Cikben wong nom-noman
padha maju, padha perang tandhing ana ing
ngarep kita." Wangsulane Senapati Yoab:
"Becik." [15] Banjur padha maju perang mawa
diwilang; rolas saka taler Benyamin, balane
Prabu Isyboset, putrane Sang Prabu Saul, lan
rolas saka balane Prabu Dawud. [16] Wong-wong
iku padha candhak-cinandhak sirahe, lan
padha pedhang-pinedhang lambunge, temah
padha mati sampyuh. Mulane panggonan
kono diarani Helkat-Hazurim; prenahe ing
sacedhake Gibeon. [17] Ing dina iku campuhing
perang ngebat-ebati, lan Sang Abner sabalane
padha disorake dening balane Prabu Dawud.
[18] Putrane kakung Sang Zeruya telu, yaiku
Sang Yoab, Abisai lan Asael padha ana ing
kono; Sang Asael iku playune kaya kidang ana
ing ara-ara. [19] Sang Asael anggone mbujeng
nututi Sang Abner ora menggak-menggok
mangiwa utawa manengen. [20] Senapati Abner
banjur noleh lan ndangu: "Apa iki kowe
Asael?" Wangsulane: "Iya aku." [21] Senapati

Abner banjur ngandika maneh: “Cekelen salah
sawijining wong nom-noman iku lan rebuten
gegamane.” Nanging Sang Asael ora karsa
mandheg anggone mbujeng Sang Abner.
[22] Senapati Abner banjur ngandika sapisan
engkas: “Mandhega anggonmu mburu aku.
Apa kowe njaluk dakgepuk nganti ambruk?
Iba isinku nyawang marang kakangmu Yoab!”
[23] Nanging Sang Asael ora kersa mandheg.
Senapati Abner banjur njojoh lambunge Sang
Asael kalawan tumbake, nganti tembus ing
gegere, temah ambruk ana ing kono lan seda
ngenggon. Sakehing wong kang padha teka
ing panggonane Sang Asael kang ambruk
banjur seda mau, padha mandheg.
[24] Nanging Sang Yoab lan Sang Abisai padha
nguber-uber Sang Abner. Bareng wis surup
srengenge lan padha teka ing sacedhake
gunung Ama, kang ana ing sawetane Giakh,
kang kaprenah ing sangarepe pasamunan
Gibeon, [25] bani Benyamin padha ngumpul
ana ing saburine Senapati Abner dadi
sagelengan lan wis padha siyaga ana ing
pucaking gunung. [26] Senapati Abner banjur
nguwuh-uwuh marang Sang Yoab: “Punapa
pedhang punika kedah lajeng kemawon
anggenipun memangsa? Punapa panjenengan
boten mangretos, manawi wekasanipun
badhe ngraosaken pait getir. Ngantos taksih
pinten dangunipun anggen panjenengan
boten karsa ndhawuhi dhateng bala, supados
sami kendel anggenipun ngoyak-oyak para
sadherekipun?” [27] Wangsulane Senapati

Yoab: “Demi asmanipun Sang Yehuwah
agesang, saupami panjenengan wau-wau
sampun ngandika, wiwit wanci enjing rakyat
sampun sami mundur anggenipun mbujeng
sadherekipun.” 28 Senapati Yoab banjur
ngunekake kalasangka, temah sakehing bala
padha leren anggone mburu wong Israel lan
ora perang maneh.
29 Sawengi muput Senapati Abner anggone
tindak kadherekake wadya-balane nglangkungi
Araba-Yordan, nyabrang ing bengawan Yarden,
meh sadina kaceput anggone padha lumaku
terus, nganti tekan ing Mahanaim. 30 Nalika
Senapati Yoab wus kendel anggone ngoyak-
oyak Sang Abner lan ngumpulake sakehing
balane, banjur kasumurupan yen balane
Prabu Dawud ana kang kecicir wong sangalas,
kalebu Sang Asael. 31 Nanging balane Prabu
Dawud oleh pepati kehe telung atus sawidak
saka taler Benyamin, balane Sang Abner.
32 Banjur padha ngukup layone Sang Asael lan
disarekake ana ing makame ramane ana ing
Betlehem. Sang Yoab banjur tindak sabalane
ing bengi iku uga, dene rawuhe ing Hebron,
nalika wis padhang raina.

3

1 Peperangane antarane kulawargane
Prabu Saul lan kulawargane Prabu Dawud
kelantur-lantur; Prabu Dawud sangsaya suwe
sangsaya santosa, balik kulawargane Prabu
Saul sangsaya ringkih.

Para putrane kakung Sang Prabu Dawud

3:2-5

1Bb 3:1-4

[2] Para putrane kakung Prabu Dawud kang
miyos ana ing kutha Hebron, kang pembayun,
patutan saka Ahinoam, wong wadon saka
Yizreel, asmane Amnon; [3] putrane panenggak,
patutan saka Abigail randhane Nabal, wong ing
Karmel, asmane Kileab; putrane pandhadha
asma Absalom, patutan saka Sang Putri
Maakha, putrane Sang Prabu Talmai, ratu ing
Gesur, [4] putrane kang kapat, patutan saka
Hagit, asmane Adonia, putrane kang kalima,
patutan saka Abital, asmane Sefaca, [5] lan
putrane kang kanem, patutan saka Egla,
asmane Yitream. Iku kabeh putrane Prabu
Dawud kang miyos ana ing Hebron.

Senapati Abner mbalik ndherek Sang Prabu Dawud

3:6-21

[6] Salawase ana peperangan antarane
kulawargane Sang Prabu Saul lan kulawargane
Sang Prabu Dawud, Sang Abner saya gedhe
pangaribawane ing satengahe kulawargane
Prabu Saul. [7] Sang Prabu Saul kagungan
tilaran garwa ampeyan jenenge Rizpa, anake
wadon Aya. Prabu Isyboset ngandika marang
Senapati Abner: “Kenging punapa sampeyan
kok ngempali ampilipun kanjeng rama?”

8 Senapati Abner duka banget, amarga saka
pangandikane Prabu Isyboset mau, ature:
"Kawula punika punapa endhas segawon
Yehuda? Ngantos sapriki kawula tansah
nandukaken kasetyan kawula dhateng
kulawarganipun Sang Prabu Saul, kang
rama, inggih dhateng para sadherekipun lan
dhateng para mitranipun, lan kawula tansah
ngeman panjenengan dalem sampun ngantos
dhumawah ing astanipun Sang Prabu Dawud,
nanging sapunika panjenengan dalem ndakwa
kawula lampah awon kaliyan tiyang estri.
9 Mugi Gusti Allah paringa paukuman dhateng
Abner, malah nglangkungana saking punika,
manawi kawula boten nandukaken dhateng
Sang Prabu Dawud ingkang kaprasetyakaken
dening Sang Yehuwah kaliyan supaos
dhumateng panjenenganipun. 10 Inggih punika
mindhah kratonipun Sang Prabu Saul lan
ngedegaken dhamparing karajanipun Sang
Prabu Dawud, temah ngereh Israel lan Yehuda,
wiwit ing Dhan ngantos dumugi ing Bersyeba."
11 Lan Sang Prabu Isyboset ora bisa mangsuli
sakecap-kecapa marang Senapati Abner,
amarga saka eringe marang panjenengane.
12 Senapati Abner banjur utusan marang
ngarsane Prabu Dawud sarta diweling: "Nagari
punika kagunganipun sinten? Kawula aturi
damel prajanjian kaliyan kawula, kawula
saestu badhe mbiyantu panjenengan dalem,
supados sakathahipun tiyang Israel sami
ngawula panjenengan dalem." 13 Paring
wangsulane Prabu Dawud: "Iya becik,

ingsun bakal gawe prajanjian kalawan sira,
mung bae ana saprakara kang sunpundhut
marang sira, yaiku sira ora bakal sowan
marang ing ngarsaningsun, yen sira ora
ngaturake Sang Putri Mikhal, putrane Sang
Prabu Saul, samangsa sira seba marang ing
ngarsaningsun.”
14 Sang Prabu Dawud uga utusan wong
sowan marang ing ngarsane Sang Prabu
Isyboset, putrane Prabu Saul, kanthi piweling:
“Garwa kula Mikhal panjenengan wangsulaken
dhateng kula malih, ingkang sampun kula
tumbas srana ikutipun tiyang jaler Filisti
satus.” 15 Sang Prabu Isyboset tumuli utusan
mundhut putri iku saka ing omahe Paltiel, bin
Lais. 16 Lan somahe ngiringake Sang Putri karo
nangis nganti tekan ing Bahurim. Senapati
Abner banjur nyentak marang dheweke: “Wis
muliha!” Wong mau banjur mulih.
17 Ing wektu samono Senapati Abner
rerembagan karo para tetuwane Israel,
pangandikane: “Sampun sawatawis dangu
panjenengan ngersakaken supados Sang
Prabu Dawud jumeneng ratu ngerehaken
panjenengan. 18 Sumangga sapunika
panjenengan sami ngleksanana, amargi
Sang Yehuwah sampun ngandika dhateng
Sang Prabu Dawud makaten: Lumantar
abdiningSun Dawud Ingsun bakal ngluwari
umatingSun Israel saka ing tangane wong
Filisti lan saka ing tangane sakehe mungsuhe.”
19 Senapati Abner uga rembagan karo wong
Benyamin; Sang Abner uga banjur tindak

menyang Hebron, ngrembag karo Sang Prabu
Dawud sakehing prakara kang wus kaanggep
prayoga dening wong Israel lan sakehe turune
Benyamin.
20 Bareng Senapati Abner seba menyang ing
ngarsane Sang Prabu Dawud, kadherekake
wong rong puluh, Sang Prabu Dawud banjur
nganakake bujana kagem Senapati Abner
sapandhereke. 21 Senapati Abner munjuk
marang Sang Prabu Dawud: “Keparenga
kawula ngempalaken sakathahing tiyang
Israel kasowanaken wonten ing ngarsa dalem,
supados sami damela prajanjian kaliyan gusti
kawula, lan gusti lajeng jumenenga ratu
mengku samudayanipun ingkang panjenengan
dalem karsakaken.” Sang Prabu Dawud banjur
nglilani Senapati Abner mundur lan tindak
kanthi slamet.

Senapati Abner kasedanan dening Sang Yoab

3:22-39

22 Wadya-balane Sang Prabu Dawud lagi
bae mulih saka anggone nglurug kairid
dening Senapati Yoab lan nggawa barang
rayahan akeh. Nanging Senapati Abner wus
mundur saka ing ngarsane Sang Prabu Dawud
ing Hebron, amarga Senapati Abner wis
diparengake lengser kanthi slamet. 23 Bareng
Senapati Yoab wis kondur kadherekake
wadya-balane, diaturi pirsa mengkene:
“Lah Senapati Abner, bin Ner, sampun

sowan dhateng ing ngarsanipun Sang Prabu
Dawud, lan sampun dipun parengaken
mundur kanthi wilujeng.” 24 Senapati Yoab
tumuli sowan marang ing ngarsane Sang
Prabu Dawud, ature: “Punapa ta ingkang
panjenengan dalem tindakaken punika? Abner
sampun sowan ing ngarsa dalem, kenging
punapa panjenengan dalem parengaken
mundur makaten kemawon? 25 Panjenengan
dalem punapa boten uninga wewatekanipun
Abner bin Ner punika? Dhatengipun rak
badhe ngloropaken panjenengan dalem lan
supados mangretos gelat-gelit dalem saha
badhe nyumerepi sadaya, ingkang badhe
panjenengan dalem tindakaken.”
26 Sawuse iku Senapati Yoab mundur
saka ing ngarsane Sang Prabu Dawud lan
utusan wong nututi Sang Abner, banjur
diirid bali saka ing sumur Sira ora kanthi
kauningan dening Sang Prabu Dawud. 27 Nalika
Senapati Abner bali menyang Hebron, Sang
Yoab ngajak mire panjenengane sadhela
menyang ing tengahing gapura, api-api
ngajak rembugan panjenengane sesidheman,
wasana disuduk padharane ana ing kono
temah seda, males getihe Asael, rayine.
28 Bareng prakara iku kapiyarsa dening Sang
Prabu Dawud, panjenengane ngandika:
“Ingsun lan kratoningsun ora kaluputan
ana ing ngarsane Sang Yehuwah, nganti
salawas-lawase mungguh getihe Abner bin
Ner iku. 29 Kareben iku disangga dening
Yoab dhewe lan sakehe kulawargane. Ing

saturun-turune ora pegat-pegat anaa kang
lara umbelen, lara lepra, kang mlaku nganggo
jagul, kang mati dening pedhang, utawa
kekurangan pangan."

30 Mengkono anggone Senapati Yoab lan
Sang Abisai sadhereke, nyedani Sang Abner,
amarga Sang Abner nyedani Sang Asael
sadhereke ana ing Gibeon, ana ing paprangan.
31 Sang Prabu Dawud ngandika marang
Senapati Yoab lan marang para kawula
kang ngadhep panjenengane: "Mara padha
nyuweka panganggonira lan sabukana jarit
kasusahan lan nangisa ana ing ngarepe layone
Abner." Sang Prabu Dawud piyambak uga
tindak ana ing burine layon. 32 Nalika wong
padha nyarekakake Sang Senapati Abner ana
ing Hebron, Sang Prabu Dawud muwun kanthi
swara dumeling ana ing pakuburane Sang
Abner lan sakehing kawula iya padha nangis.
33 Marga saka Sang Abner iku Sang Prabu
ngrepekakake kidung panangis iki:

"Genea Abner matine kaya wong rucah,
34 tanganira tan binanda lan sikilira ora
karante,
gugurira kaya wong kang tiwas dening
durjana."

Lan para kawula kabeh saya banget anggone
padha nangis marga saka panjenengane.

35 Sakehing wong padha sowan ngaturi
dhahar marang Sang Prabu ing nalika
wayah awan, nanging Sang Prabu supaos,
pangandikane: "Muga Gusti Allah ndhawahna
paukuman marang aku mengkene, malah

ngluwihana saka iku, yen sadurunge
srengenge surup aku ngantia ngrasakake
roti utawa liyane.” 36 Nalika wong kabeh
weruh prakara iku, nganggep bab iku prayoga
kayadene anggone padha nganggep becik
kabeh kang katindakake dening Sang Prabu.
37 Dadine para kawula kabeh, apadene sakehe
wong Israel ing dina iku padha ngreti, yen
anggone Senapati Abner sinedanan iku dudu
karsane Sang Nata.
38 Sang Prabu nuli ngandika marang para
punggawane: “Apa sira padha ora ngreti,
yen ing dina iki ana panggedhe, wong agung
ing Israel kang nemu tiwas? 39 Nanging
ingsun iki saiki isih ringkih, sanadyan wis
jinebadan dadi ratu, mangka wong-wong iku,
anak-anake Zeruya, kerase padha ngluwihi
ingsun. Muga Sang Yehuwah paring piwales
marang wong kang nindakake piala cundhuk
karo panggawene kang ala.”

Prabu Isyboset kasedanan

4:1-12

4 1 Nalika kapiyarsa dening putrane Sang
Prabu Saul, manawa Senapati Abner wis
seda ana ing Hebron, larud kekendelane lan
wong ing Israel padha kaget kabeh. 2 Putrane
Sang Prabu Saul kagungan tetindhihing
grombolan loro, kang siji jenenge Baana lan
sijine Rekhab, sakarone anake Rimon, wong
Benyamin saka ing Beerot. Amarga Beerot iku
uga kaetung klebu tlatah Benyamin. 3 Wong

Beerot wis padha ngungsi menyang ing Gitaim
lan dadi wong neneka ana ing kana nganti
saprene.
4 Pangeran Yonatan, putrane Prabu Saul
kagungan putra kakung, kang cacat
sampeyane. Yuswane lagi limang taun, nalika
ana pawarta bab Prabu Saul lan Pangeran
Yonatan saka Yizreel. Nalika samana dibopong
kagawa mlayu inyane, nanging anggone mlayu
kesusu putra mau tiba lan banjur dadi pincang,
Asmane Mefiboset.
5 Anake Rimon, wong Beerot mau, yaiku
Rekhab lan Baana padha lunga, nuli teka ing
daleme Prabu Isyboset, nalika pinuju panas
sumelet; Prabu Isyboset lagi sare ing wayah
awan. 6 Kapinujon wong kang jaga kori dalem
iku ngantuk, lan keturon, nalika lagi nginteri
gandum. 7 Wong loro iku padha mlebu ing
dalem, Prabu Isyboset pinuju sare ana ing
kamar pasareyane, nuli disedani lan ditigas
mastakane. Mastakane digawa ing bengi iku,
ngliwati dalan kang saka ing Araba-Yarden.
8 Mastakane Prabu Isyboset mau digawa
sowan marang ing ngarsane Prabu Dawud ana
ing Hebron sarta matur marang Sang Prabu:
“Lah punika mastakanipun Prabu Isyboset,
putranipun Sang Prabu Saul, mengsah
panjenengan dalem ingkang sumedya nyedani
panjenengan dalem; ing dinten punika Sang
Yehuwah sampun nglilani panjenengan dalem,
gusti kawula, nandukaken piwales dhateng
Sang Prabu Saul lan tedhak turunipun.”
9 Nanging Sang Prabu Dawud ngandika marang

Rekhab lan Baana, anak-anake Rimon, wong
ing Beerot, dhawuhe: “Demi asmane Sang
Yehuwah kang agesang, kang wis ngluwari
nyawaningsun saka sakehing karubedan!
10 Nalika ana wong kang nggawa pawarta
mangkene: Sang Prabu Saul sampun seda!
lan nganggep dheweke kayadene wong
kang nglantarake kabar becik, ingsun banjur
nyepeng lan mateni wong iku ana ing Ziklag,
lan kaya mangkono anggoningsun paring
pituwas tumrap pawartane, 11 mendahane
maneh saiki sawuse wong paracidra mateni
wong kang bener ana ing omahe ing paturone;
apa ingsun ora mundhut pulih getihe saka
sira, lan nyirnakake sira saka ing bumi?”
12 Sawuse ngandika mengkono Sang Prabu
Dawud dhawuh marang abdine, supaya mateni
wong-wong iku; tangane sarta sikile dikethok,
mayite digantung ana ing sapinggire telaga ing
Hebron. Nanging mastakane Prabu Isyboset
kapundhut lan disarekakake ana ing makame
Senapati Abner ing Hebron.

Sang Prabu Dawud jumeneng ratu ngereh satlatahe Israel kabeh

5:1-5

1Bb 11:1-3

5 1 Sakehe taler Israel kabeh banjur padha
sowan marang ing ngarsane Sang Prabu
Dawud ing Hebron sarta munjuk: “Kauningana,
kawula punika sami tunggil rah saha tunggil
daging kaliyan panjenengan dalem. 2 Sampun

lami, nalika Sang Prabu Saul ngereh kawula
sadaya, panjenengan dalem ingkang mimpin
sadaya mobah-mosikipun tiyang Israel. Saha
Sang Yehuwah sampun ngandika dhateng
panjenengan dalem: “Sira kang bakal ngengon
umatingSun Israel lan sira kang jumeneng
ratu mengku Israel.” 3 Dadine sakehe para
tuwa-tuwane Israel padha seba ana ing
ngarsane Sang Prabu Dawud ana ing Hebron;
Sang Prabu banjur nganakake prajanjian karo
para wong iku ana ing Hebron, ing ngarsane
sang Yehuwah; wasana padha njebadi Sang
Prabu Dawud dadi ratu mengku Israel.
4 Sang Prabu Dawud yuswane telung puluh
taun, nalika jumeneng ratu: patang puluh taun
lawase anggone ngasta paprentahan. 5 Ana ing
Hebron panjenengane ngereh Yehuda pitung
taun nem sasi lan ana ing Yerusalem anggone
ngratoni satlatahe Israel lan Yehuda kabeh
lawase telung puluh telu taun.

Sang Prabu Dawud ngrebat kutha Yerusalem lan dedalem ana ing kono

5:6-10

1Bb 11:4-9

6 Sang Prabu Dawud kadherekake para
wadyabalane nglurug menyang Yerusalem,
nempuh wong Yebus, kang ngenggoni nagara
kono. Wong iku padha nguwuh marang Prabu
Dawud: “Kowe mangsa bisaa mrene, wong
wuta lan wong pincang bakal mbalekake
kowe.” Karepe wong iku: Sang Prabu Dawud

ora bakal bisa mlebet mrono. 7 Nanging Sang
Prabu Dawud bisa ngrebat kuthaning beteng
Sion, yaiku kuthane Sang Prabu Dawud. 8 Sang
Prabu Dawud nalika samana wus ngandika:
“Sapa kang arep nelukake wong Yebus kudu
mlebu ngliwati ilen-ilen iki; Prabu Dawud
gething banget marang wong wuta lan wong
pincang.” Mulane ana bebasan: “Para wong
wuta lan wong pincang ora kena mlebu ing
omah.”
9 Lan Sang Prabu Dawud banjur ngadhaton
ana ing beteng kono, kang banjur kaparingan
jeneng: Kuthane Sang Prabu Dawud.
Panjenengane nyantosani kutha iku ing
saubenge wiwit saka Milo manjero. 10 Sang
Prabu Dawud sangsaya suwe sangsaya gedhe
pangwasane, amarga Pangeran Yehuwah,
Gusti Allahe kang sarwa dumadi nunggil karo
panjenengane.

Kratone Sang Prabu Dawud lan kulawargane

5:11-16

1Bb 3:5-9, 14:1-7

11 Prabu Hiram, ratu ing nagara Tirus,
nglampahake utusan marang ngarsane Sang
Prabu Dawud lan ngintuni kayu eres sarta
tukang kayu lan tukang batu; iku padha
ngyasakake kraton Sang Prabu Dawud. 12 Sang
Prabu banjur manggretos, yen Sang Yehuwah
wis netepake panjenengane dadi ratune Israel

lan ngluhurake paprentahane marga saka
Israel, umat kagungane.
13 Sang Prabu Dawud banjur mundhut
ampil lan garwa maneh saka ing Yerusalem,
sawise pindhah dalem saka Hebron lan banjur
kagungan putra kakung lan putri maneh.
14 Iki asmane putra-putra kang miyos ana ing
Yerusalem: Syamua, Sobab, Natan, Suleman,
15 Yibkhar, Elisua, Nefeg, Yafia, 16 Elisama,
Elyada lan Elifelet.

Prabu Dawud nelukake wong Filisti

5:17-25

1Bb 14:8-16

17 Bareng wong Filisti padha krungu, yen
Prabu Dawud wus dijebadi jumeneng ratu
mengku Israel, kabeh banjur padha nglurug
sumedya nyekel Prabu Dawud. Nanging Prabu
Dawud mirsa prakara iku banjur mlebet ing
beteng. 18 Nalika wong Filisti padha nekani
lan pating prenca ana ing lebak Refaim,
19 Sang Prabu Dawud neges marang Sang
Yehuwah: "Kawula punapa Paduka karsakaken
mangsah perang nglawan tiyang Filisti punika?
Punapa tiyang-tiyang punika badhe Paduka
ulungaken dhateng ing tangan kawula?" Paring
wangsulane Sang Yehuwah marang Prabu
Dawud: "Majua perang, amarga Ingsun bakal
ngulungake wong iku marang ing tanganira."
20 Sang Prabu Dawud banjur tindak menyang
ing Baal- Perasim lan ngasorake wong iku
ana ing kono. Pangandikane Sang Prabu:

“Pangeran Yehuwah njebolake mungsuhku
ana ing ngarepku kaya panjeboling banyu.”
Mulane wong padha ngarani panggonan kono:
Baal-Perasim. 21 Wong Filisti padha ninggal
brahalane kang ana ing kono, Sang Prabu
Dawud sabalane padha ngusungi.
22 Nalika bala Filisti nglurugi sapisan engkas
lan pating prenca ana ing lebak Refaim,
23 Sang Prabu Dawud neges marang Pangeran
Yehuwah lan kaparingan wangsulan: “Aja
methukake, nanging mubenga, nganti tekan
ing saburine wong-wong iku, temah sira
bisa nempuh saka urute wit-wit baka. 24 Lan
manawa sira krungu gumedruging sikil
ing pucuking wit-wit baka iku, sira kudu
tumandang cekat-ceket, amarga ing wektu
iku Sang Yehuwah nyarirani perang ana ing
ngarepira lan bakal ngasorake bala Filisti.”
25 Sang Prabu Dawud iya banjur tumindhak
mengkono, yaiku kaya kang kadhawuhake
dening Sang Yehuwah, temah bisa nggepuk
bala Filisti, nganti kasoran, wiwit saka ing
Geba tutug ing cedhake Gezer.

Pethine Prajanjian kaelih menyang Yerusalem

6:1-23

1Bb 13:5-14, 15:25--16:3

6 1 Sang Prabu Dawud tumuli ngempalake
sakehing wong pilihan saka ing antarane
wong Israel, cacahe ana wong telung puluh
ewu. 2 Sang Prabu Dawud nuli cecawis lan

banjur tindak saka Baale-Yehuda, kadherekake
sakehe para kawula, karsane arep ngusung
pethine Allah, kang sinebut kalawan asmane
Sang Yehuwah, Gustining sarwa dumadi, kang
lenggah ing dhampar ing sadhuwure kerubim.
3 Pethine Allah kaemotake ing kreta anyar,
sawuse kausung saka ing omahe Abinadab,
kang ana ing pagunungan. Uza lan Ahyo,
anake Abinadab padha ngiringake kareta iku.
4 Uza lumaku ana ing ngiringane pethining
Allah lan Ahyo ana ing ngarepe. 5 Sang
Prabu Dawud lan sakehe wong Israel padha
jejogedan sakatoge ana ing ngarsaning Sang
Yehuwah, binarung swaraning kekidungan,
clempung, slukat, terbang klinthingan lan
kecer.

6 Bareng tekan ing panutone Nakhon,
Uza kumranggeh tangane marang pethine
Allah iku, lan banjur nyekel, amarga sapine
keplesed. 7 Bebendune Yehuwah mungkat
marang Uza, Gusti Allah banjur nggebag wong
iku, amarga sembranane. Uza mati ngenggon
ana ing sandhinge pethine Gusti Allah mau.
8 Sang Prabu Dawud dadine duka banget,
amarga Sang Yehuwah nggebag Uza kanthi
patrap kang ngebat-ebati banget: panggonan
iku banjur katelah karan Peres-Uza nganti
saprene. 9 Ing nalika samana Sang Prabu
Dawud banjur ajrih marang Sang Yehuwah,
pangandikane: "Kapriye bisane pethine Sang
Yehuwah tumeka ing ngarepku." 10 Mulane
Sang Prabu ora karsa mindhah pethine Sang
Yehuwah menyang ing panggonane menyang

ing kuthane Sang Prabu Dawud, nanging Sang
Prabu Dawud dhawuh ngenggokake menyang
ing omahe Obed-Edom, wong ing Gat.
11 Pethine Gusti Allah iku ana ing omahe
Obed-Edom, wong ing Gat mau telung
sasi lawase, lan Sang Yehuwah mberkahi
Obed-Edom lan sakukubane.
12 Sang Prabu
Dawud diaturi pirsa mangkene: "Sang
Yehuwah sampun mberkahi Obed-Edom lan
sakukubanipun, amargi saking pethinipun
Gusti Allah punika." Sang Prabu Dawud banjur
dhawuh ngelih pethine Sang Yehuwah saka ing
omahe Obed-Edom menyang ing kuthane Sang
Prabu Dawud kanthi sukapirena.
13 Nalika wong
kang padha ngusung pethine Sang Yehuwah
iku lumaku oleh nem jangkah, panjenengane
ngurbanake sapi lan pedhet lemon siji.
14 Lan
Sang Prabu Dawud beksa-beksa kalawan
mempeng ana ing ngarsane Sang Yehuwah,
panjenengane ngagem rasukan efod lena.
15 Sang Prabu Dawud lan sakehe wong
Israel ngusung pethine sang Yehuwah kambi
surak-surak binarung swaraning kalasangka.
16 Nalika pethine Sang Yehuwah mlebu ing
kuthane Sang Prabu Dawud, Sang Putri
Mikhal putrane Sang Prabu Saul ngungak
ing cendhela, mirsa yen Sang Prabu Dawud
lincak-lincak lan beksa-beksa ana ing ngarsane
Sang Yehuwah. Mulane Sang Putri ing
sajroning panggalih nyepelekake Sang Prabu
Dawud.
17 Pethine Sang Yehuwah diusung mlebu
banjur diprenahake ana ing panggonane, ing

sajroning kemah kang wus dipasang dening
Sang Prabu Dawud kanggo iku, lan sawuse
iku nuli nyaosake kurban obaran lan kurban
kaslametan ana ing ngarsane Sang Yehuwah.
18 Sawuse Sang Prabu Dawud nyaosake kurban
obaran lan kurban kaslametan, bangsa iku
banjur diberkahi atas asmane Sang Yehuwah,
Gustining sarwa dumadi. 19 Tumuli wong
sabangsa kabeh lan wong sagolongane Israel
kabeh, lananga wadona, siji-sijine padha
diedumi roti bunder siji, daging sairis, lan
panganan kismis saemplek. Sabubare iku
wong sabangsa kabeh padha mulih menyang
ing omahe sowang-sowangan.
20 Nalika Sang Prabu Dawud kondur arep
andum slamet marang saisining kraton, Sang
Putri Mikhal, putrane Prabu Saul, methukake
Sang Prabu karo matur: "Kadospundi dene
ratunipun Israel ing dinten punika kok lukar
wonten ing ngajengipun para parekan, boten
kraos wirang kados dene tiyang rucah?"
21 Nanging Sang Prabu Dawud ngandika
marang Sang Putri Mikhal: "Ana ing ngarsane
Sang Yehuwah kang wis milih aku kanthi
nisihake ramamu lan wong sabrayate kabeh,
sarta banjur nuding aku kadadekake ratuning
umate Pangeran Yehuwah, yaiku Israel -- ana
ing ngarsane Pangeran Yehuwah, aku mesthi
jejogedan. 22 Malah aku nedya ngesorake
sarira ngluwihi iki, kowe nganggep aku remeh,
nanging bebarengan para parekan, kang kok
sebut iku, aku arep kinurmatan." 23 Sang Putri

Mikhal ora kagungan putra, nganti tumeka ing sedane.

Prasetyane Sang Yehuwah tumrap kulawarga lan karajane Prabu Dawud

7:1-17

1Bb 17:1-15

7 1 Nalika Sang Prabu Dawud ndalemi
kedhatone lan sang Yehuwah wus paring
katentreman luwar saka para mungsuh ing
sakubenge, 2 Sang Prabu ngandika marang
Nabi Natan: "Lah kula punika manggen wonten
ing griya kajeng eres, mangka pethinipun
Gusti Allah wonten ing ngandhap tendha."
3 Nabi Natan tumuli matur marang Sang
Prabu: "Inggih sumangga, panjenengan
dalem nindakna punapa ingkang wonten ing
panggalih dalem, awit Sang Yehuwah nunggil
kaliyan panjenengan dalem."
4 Nanging bareng sawengi iku uga Sang
Yehuwah ngandika marang Nabi Natan: 5 "Lah
sira mangkata lan matura marang abdiningSun
Dawud: Makaten pangandikanipun Sang
Yehuwah: Sira apa arep yasa omah kagem
Ingsun murih Sundalemi? 6 Ingsun ora nate
manggen ana ing omah wiwit Ingsun ngluwari
Israel saka ing tanah Mesir, nganti saprene,
nanging Ingsun tansah lelana ana ing kemah
minangka padalemaningSun. 7 Salawase
Ingsun lelana karo wong Israel kabeh, apa
Ingsun nate paring pangandika marang
salah sawijining hakime wong Israel, kang

Sundhawuhi ngengon umatingSun Israel
mangkene: Yagene sira ora yasa omah kayu
eres kagem Ingsun? 8 Mulane sira matura
marang abdiningSun Dawud mangkene:
Makaten pangandikanipun Sang Yehuwah,
Gustinipun ingkang sarwa dumados: Ingsun
kang nimbali sira saka ing pangonan, nalika
sira nggiring wedhus-wedhusira, supaya
jumeneng ratu ngereh umatingSun Israel.
9 Ingsun wus nunggil klawan sira ana ing
sakehing panggonan kang sira liwati lan
wus numpes sakehe mungsuhira saka ing
ngarepira. Ingsun wus ngluhurake jenengira
kaya jenenge wong agung kang ana ing
bumi. 10 Ingsun wis nyepaki papan tumrap
umatingSun Israel lan Suntanem ana ing kono,
temah bisa manggon ana ing omahe dhewe,
ora digiri-giri lan ditindhes dening wong
ambek siya kaya dhek biyen, 11 wiwit Ingsun
ngangkat para hakim tumrap umatingSun
Israel, Ingsun paring karaharjan marang sira
uwal saka sakehe mungsuhira. Ugi dipun
pangandikakaken Sang Yehuwah dhateng
panjenengan dalem: Yehuwah bakal maringi
turun marang sira. 12 Yen sira wus tumeka
ing janji lan sira wus oleh palereman nunggal
karo leluhurira, Ingsun bakal nangekake
turunira ing sapungkurira, kang tuwuh saka
sira lan Ingsun bakal nyantosakake karajane.
13 Iya iku kang bakal yasa dalem kagem
asmaningSun lan Ingsun bakal nyantosakake
dhamparing karajane ing salawas-lawase.
14 Ingsun bakal dadi Ramane lan dheweke dadi

putraningSun. Samangsa nglakoni kaluputan,
bakal Sunukum klawan penjalin, kang dianggo
ing wong, lan kalawan gebug kang ditamakake
dening anak-anaking manungsa. [15] Nanging
sihkadarmaningSun ora bakal sumingkir
saka ing dheweke, kaya kang Sunsingkirake
saka Saul, kang wus Sunedohake saka
ing ngarepira. [16] Kulawarga lan karajanira
bakal santosa ing salawas-lawase ana ing
ngarsaningSun lan dhamparira bakal santosa
ing salawas-lawase."
[17] Nabi Natan banjur matur marang Sang
Prabu Dawud cundhuk karo pangandika iku
lan ora siwah karo wahyu kang ditampa.

Donga panuwune Prabu Dawud

7:18-29

1Bb 17:16-27

[18] Sang Prabu Dawud banjur lumebet, tumuli
sowan ana ing ngarsane Sang Yehuwah
sarta munjuk: "Kawula punika sinten, dhuh
Pangeran Yehuwah, lan kulawarga kawula
punika sinten, dene Paduka ndadosaken
kawula ngantos kados makaten punika.
[19] Dhuh Pangeran Yehuwah, prakawis punika
taksih kirang wonten ing tingal Paduka,
milanipun Paduka sampun ngandika ugi bab
kulawarganipun ingkang abdi ing wekdal
ingkang taksih dangu saha paring sumerep
dhateng kawula manungsa-manungsa ingkang
badhe dhateng, dhuh Pangeran Yehuwah.
[20] Punapa ingkang saged dipun unjukaken

Dawud dhumateng paduka langkung saking
punika? Paduka rak sampun uninga bab
ingkang abdi punika, dhuh Pangeran Yehuwah?
21 Margi saking pangandika Paduka saha
miturut panggalih Paduka, Paduka sampun
nindakaken sadaya prakawis ingkang ageng
punika saha Paduka sumerepaken dhateng
ingkang abdi punika. 22 Pramila Paduka
punika agung, dhuh Pangeran Yehuwah awit
boten wonten ingkang nyameni Paduka lan
boten wonten Allah sanesipun malih kajawi
Paduka miturut sadaya ingkang kawula
pirengaken srana kuping kawula. 23 Lan
pundi wonten bangsa ingkang kados umat
Paduka Israel ing salumahing bumi, ingkang
Gusti Allahipun tumindak ngluwari bangsa
punika, kadadosaken umatipun, supados
angsala asma kagem Panjenenganipun srana
nindakaken pakaryan-pakaryan ingkang
ageng lan nggegirisi kangge tiyang-tiyang
punika, lan nundhungi para bangsa lan
para allahipun saking ngajenging umatipun?
24 Paduka sampun ngangkat umat Israel
dados umat Paduka kangge ing salaminipun
saha Paduka dados Allahipun, dhuh
Yehuwah. 25 Dene sapunika, dhuh Yehuwah
Allah, Paduka mugi netepana prasetya
ingkang Paduka ngandikakaken, kangge ing
salaminipun tumrap ingkang abdi punika
saha kulawarganipun, punapa dene mugi
Paduka tindakaken kados ingkang Paduka
prasetyakaken punika. 26 Asma Paduka lajeng
badhe dados agung ing salami-laminipun,

temah tiyang nyebut Sang Yehuwah, Gustining
sarwa dumados, Gusti Allahipun Israel;
kulawarganipun ingkang abdi Dawud badhe
lestantun santosa wonten ing ngarsa Paduka.
27 Awit Paduka, Gustining sarwa dumados,
Gusti Allahipun Israel, sampun nglairaken
dhateng ingkang abdi punika makaten:
Ingsun bakal mbangun turun kanggo sira.
Punika sebabipun ingkang abdi lajeng
kumawantun ngunjukakaken pandonga punika
dhateng Paduka. 28 Margi saking punika, dhuh
Pangeran Yehuwah, Paduka punika Gusti
Allah lan sadaya pangandika Paduka punika
kayektosan. Paduka sampun njanjekakaken
prakawis ingkang sae punika dhateng ingkang
abdi. 29 Pramila sapunika Paduka mugi karsaa
mberkahi kulawarganipun ingkang abdi
punika, supados lestantun wonten ing ngarsa
Paduka ing salami-laminipun. Amargi, dhuh
Pangeran Yehuwah, Paduka piyambak ingkang
ngandika saha margi saking berkah Paduka,
kulawarganipun ingkang abdi binerkahan ing
salami-laminipun.”

Kaunggulane Sang Prabu Dawud

8:1-14

1Bb 18:1-13

8 1 Sawuse iku Prabu Dawud nggepuk wong
Filisti lan ditelukake. Prabu Dawud nuli
ngrebat pusaraning kutha krajan saka ing
tangane wong Filisti.

[2] Sang Prabu Dawud nuli ngasorake wong Moab, wong-wong iku padha didhawuhi turon ana ing bumi lan tanahe diukur klawan tali; kang diukur tikel lorone tali iku padha dipateni, lan kang satali kemput diuripi. Wong Moab padha teluk marang Sang Prabu Dawud diwajibake asok bulubekti.

[3] Sabanjure Prabu Dawud ngasorake Prabu Hadadezer bin Rekhab, ratu ing Zoba, nalika panjenengane arep mulihake panguwasane
ing bengawan Efrat. [4] Prabu Dawud nawan saka bangsa iku wong sewu pitung atus, wadya-bala jaranan, lan rong puluh ewu wadyabala dharatan; Prabu Dawud dhawuh ngenceti jaran kang nggered kareta, mung
jaran satus kang dikarekake. [5] Tumuli bala Aram saka Damsyik teka mbiyantu Prabu Hadadezer, ratu ing Zoba, nanging bala Aram iku kang disirnakake dening Prabu Dawud
wong rolikur ewu. [6] Prabu Dawud banjur paring bala sabregada kang ngebroki tlatahe wong Aram ing Damsyik. Wong Aram padha teluk marang Sang Prabu Dawud, lan banjur diwajibake ngaturake bulubekti, Sang Yehuwah paring kaunggulan marang Prabu Dawud menyanga ngendi bae anggone nglurug.
[7] Sawuse iku Sang Prabu Dawud dhawuh ngangkuti tameng-tameng emas kang dianggo wadya-balane Prabu Hadadezer, banjur digawa
menyang Yerusalem. [8] Apadene Sang Prabu ngangkuti tembaga akeh banget saka ing Betakh lan Berotai, yaiku kutha-kuthane Prabu Hadadezer.

9 Nalika Prabu Tou, ratu ing Hamat, miyarsa
yen Sang Prabu Dawud wus ngasorake
sakehing wadya-balane Prabu Hadadezer,
10 Prabu Tou banjur utusan Pangeran Yoram,
kang putra, sowan marang ngarsane
Prabu Dawud, ngaturake salam taklim lan
ngaturake sugeng, dene wus nglurugi perang
nglawan Prabu Hadadezer, lan wus ngasorake
panjenengane, Prabu Hadadezer iku kerep
nglawan Prabu Tou. Apadene Pangeran Yoram
ngaturake barang-barang salaka, mas lan
tembaga. 11 Barang-barang iku sinengker
Prabu Dawud kagem Sang Yehuwah, bareng
karo barang-barang selaka lan mas, kang
saka sakehe bangsa kang ditelukake, 12 yaiku
selaka lan mas saka bangsa Aram, bangsa
Moab, bangsa Amon, bangsa Filisti lan bangsa
Amalek apadene saka jarahan kang saka
Prabu Hadadezer bin Rekhab, ratu ing Zoba.

13 Kalawan mangkono Sang Prabu Dawud
banjur kondhang asmane, lan nalika kondur,
niwasake bala Edom wolulas ewu ing Lebak
Asin. 14 Panjenengane banjur mrenahake bala
sabregada kang ngebroki Edom, temah tlatah
Edom kabeh dadi kawulane. Sang Yehuwah
paring kaunggulan marang Prabu Dawud
menyanga ngendi bae anggone nglurug
perang.

Para punggawane Sang Prabu Dawud

8:15-18

2Sa 20:23-26, 1Bb 18:14-17

15 Mengkono Sang Prabu Dawud anggone
ngasta paprentahan ing satanah Israel kabeh,
sarta njejegake kaadilan lan kabeneran
tumrap ing bangsa kabeh. 16 Sang Yoab bin
Zeruya kawisuda dadi senapati; Sang Yosafat
bin Ahilud kang ngreksa bandhaning praja,
17 Sang Zadok bin Ahitub lan Sang Akhimelekh
bin Abyatar dadi imam; Seraya dadi panitra
praja; 18 Benaya bin Yoyadha dadi tetindhihing
wong Kreti lan Pleti; dene putra-putrane Prabu
Dawud dadi nayaka kraton.

Sang Prabu Dawud lan Sang Mefiboset

9:1-13

9 1 Sang Prabu Dawud ngandika: "Apa
isih ana warise Prabu Saul? Ingsun arsa
nandukake sih marang wong iku marga saka
Pangeran Yonatan." 2 Dene kulawargane Prabu
Saul kagungan abdi, kang aran Ziba; iku
ditimbali sowan ing ngarsane Prabu Dawud,
banjur didangu Sang Prabu: "Apa sira iku
Ziba?" Atur wangsulane kang kadangu:
"Nuwun inggih gusti." 3 Sang Prabu banjur
ndangu maneh: "Apa ora ana kulawargane
Prabu Saul maneh? Ingsun arsa nandukake
kawlasan kang saka Gusti Allah." Ziba nuli
munjuk marang Sang Prabu: "Taksih wonten

putranipun Pangeran Yonatan satunggal
ingkang cacat sampeyanipun.” 4 Pandangune
Sang Prabu: “Iku saiki ana ngendi?” Atur
wangsulane Ziba marang Sang Prabu: “Kawula
nuwun wonten, ing griyanipun Makhir bin
Amiel ing Lodebar.”
5 Sawuse iku Sang Prabu Dawud dhawuh
nimbali putra mau saka omahe Makhir bin
Amiel, saka ing Lodebar. 6 Anadene Sang
Mefiboset bin Yonatan bin Saul banjur mlebu
seba marang ngarsane Prabu Dawud, sujud
lan nyembah. Pangandikane Prabu Dawud:
“Mefiboset.” Atur wangsulane: “Nuwun inggih,
kawula abdi dalem.” 7 Sang Prabu Dawud
banjur ngandika: “Sira aja samar, amarga
ingsun bakal nandukake kadarman marang
sira, marga saka Pangeran Yonatan, kang
ramanira; ingsun bakal mbalekakake sakehe
palemahan kagungane Prabu Saul, eyangira
lan sira bakal kembul dhahar klawan ingsun.”
8 Sang Mefiboset banjur sujud lan matur: “Abdi
dalem punika punapa ta, dene panjenengan
dalem karsa nggalih dhateng segawon pejah
kados kawula punika?”
9 Sang Prabu banjur nimbali Ziba, abdine
Prabu Saul lan ngandika marang dheweke:
“Kabeh kang dadi kagungane Prabu Saul
mau, lan darbeke kulawargane, sunparingake
marang wayahe gustinira iku. 10 Sira ngolaha
lemah iku kanggo panjenengane: sira, anakira
lan rewangira sarta sira wajib ngaturake
panenane, supaya wayahe gustinira anaa
kang didhahar. Mifiboset wayahe gustinira

iku, lestaria ndherek kembul dhahar klawan
ingsun.” Ziba duwe anak lanang limalas lan
rewang rong puluh. [11] Ziba matur marang
Sang Prabu: “Abdidalem badhe nglampahi
punapa ingkang kadhawuhaken gusti kawula
dhateng kawula.” Sang Mefiboset kembul
dhahar klawan Sang Prabu Dawud kaya dene
salah sijine putrane Sang Prabu. [12] Sang
Mefiboset kagungan putra kakung isih timur,
asmane Mikha. Sakehe wong sakukubane
Ziba, padha dadi abdine Sang Mefiboset.
[13] Mengkono dadine Sang Mefiboset manggen
ana ing Yerusalem; amarga lestari kembul
dhahar karo Sang Prabu. Mangka sampeyane
karo pisan pincang.

Prabu Dawud perang nglawan bani Amon lan bani Aram

10:1-19

1Bb 19:1-19

10 [1] Sawuse mangkono ratune bani Amon
seda; lan Pangeran Hanun, putrane,
jumeneng ratu nggentosi kang rama. [2] Sang
Prabu Dawud nuli ngandika: “Ingsun bakal
memitran karo Prabu Hanun bin Nahas, padha
kaya ramane kang wus memitran karo ingsun.”
Mulane Prabu Dawud banjur utusan ngaturake
belasungkawa lumantar para punggawane
marga saka sedane ramane. Nanging bareng
para punggawane Prabu Dawud tekan ing
ngarsane bani Amon, [3] para panggedhene bani
Amon munjuk marang Sang Prabu Hanun,

gustine: “Miturut panggalih dalem Prabu
Dawud punika punapa badhe ngurmati kang
rama, dene ngantos utusan abdi-abdinipun
ingkang ngaturaken belasungkawa punika?
Punapa boten kagungan karsa badhe
niti-priksa kitha punika sarta nelik badhe
nglebur kitha, pramila Prabu Dawud lajeng
utusan para punggawanipun dhateng ngarsa
dalem?”
4 Prabu Hanun banjur dhawuh nyekel para
utusane Prabu Dawud, kadhawuhan nyukur
jenggote separo lan ngethok panganggone
saka perangan tengah tutug ing bokonge,
nuli dieculake. 5 Prakara iki diaturake marang
Prabu Dawud, kang banjur dhawuh mapag,
amarga para utusan iku padha nandhang
wirang banget. Sang Prabu ngandika: “Padha
lerena ana ing Yerikho, nganti jenggotira pulih
maneh, nuli muliha!”
6 Bareng bani Amon weruh, yen dimungsuh
Prabu Dawud, banjur kongkonan nyewa wong
Aram-Bet-Rekhob lan wong Aram saka Zoba
rong puluh ewu wadyabala dharatan, saka
ratu ing nagara Maakha wong sewu lan saka
wong Tob rolas ewu. 7 Nalika Sang Prabu
Dawud miyarsa prakara iku, banjur dhawuh
marang Senapati Yoab supaya mangsah
perang kanthi sakehing wadyabala para
prawira. 8 Bani Amon banjur nata gelaring
perang ana sangarepe gapura; dene wong
Aram saka ing Zoba lan Rekhob, apadene para
wong Tob lan Maakha padha ndhewe ana ing
ara-ara. 9 Bareng Senapati Yoab mirsa, yen

mungsuhe mbebayani tumrap panjenengane
saka ing ngarep lan saka ing buri, banjur
nglumpukake wong Israel kang peng-pengan
lan nata gelaring perang adu arep karo bala
Aram. 10 Kekarene saka bala iku dipasrahake
marang pamimpine Sang Abisai, sadhereke,
kang nata gelar perange adu arep karo bala
Amon. 11 Senapati Yoab nuli meling: “Manawa
aku kewalahan nglawan bala Aram, kowe
kudu mbiyantu aku, nanging manawa kowe
kewalahan nandangi bala bani Amon, aku
bakal teka mbiyantu kowe, 12 Diteteg atimu
lan payo padha nyantosakake atiku kanggo
bangsa lan kutha-kuthane Gusti Allah kita.
Muga Sang Yehuwah nindakna kang dadi
karsane.” 13 Senapati Yoab sabalane banjur
mangsah perang nglawan bala Aram lan
mungsuhe padha keplayu saka ing ngarepe.
14 Bareng bala bani Amon weruh, manawa bala
Aram padha keplayu, iya nuli padha mundur
saka ngarsane Sang Abisai sarta lumebu ing
kutha. Sawuse iku Senapati Yoab kondur,
bubar nempuh marang bani Amon lan banjur
wus rawuh ing Yerusalem.

15 Nalika bala Aram sumurup, yen wis padha
disorake dening bala Israel, banjur padha
nglumpuk. 16 Prabu Hadadezer dhawuh marang
bala Aram kang ana ing sabrangane bengawan
Efrat supaya mangsah perang, bala iku banjur
wus tekan ing Helam, dipimpin dening Sang
Sobakh, senapati Prabu Hadadezer. 17 Bareng
bab iku diaturake marang Prabu Dawud, nuli
sakehe wong Israel diklumpukake ana ing

sabrangane bengawan Yarden, banjur wus
tekan ing Helam. Wong Aram padha tata
gelaring perang adu arep karo Prabu Dawud
sarta banjur perang nglawan panjenengane.
18 Nanging bala Aram padha keplayu saka ing
ngarepe bala Israel lan Prabu Dawud niwasake
saka bala Aram: jaran kreta pitung atus lan
bala jaranan patang puluh ewu. Sang Sobakh,
senapatine bala Aram ketaton banget, temah
seda ngenggon. 19 Bareng sakehe raja kang
wus katelukake Prabu Hadadezer uninga, yen
wis disorake bala Israel, banjur padha ngajak
bedhamen karo wong Israel sarta padha
teluk; sawuse iku para wong Aram padha wedi
mbiyantu marang wong bani Amon maneh.

Prabu Dawud lan Batsyeba

11:1-27

11 1 Ing nalikane gumantining taun ing
mangsane para ratu padha nglurug
perang, Sang Prabu Dawud ngutus Senapati
Yoab mangsah sawadyabalane lan bala
Israel kabeh. Banjur numpes bani Amon lan
ngepung kutha Raba, dene Sang Prabu Dawud
piyambak kantun ana ing Yerusalem.
2 Nuju ing sawiji dina ing wayah sore, nalika
Sang Prabu wungu saka pasareane, banjur
ameng-ameng ana ing payoning kadhaton;
saka ing kono katon ana wong wadon lagi
adus; wong wadon iku ayu banget warnane.
3 Sang Prabu Dawud banjur utusan wong
ndangu bab wong wadon iku; ana kang

munjuk: “Punika rak Batsyeba, anakipun
Eliam, semahipun Uria, tiyang Het.” 4 Sawuse
iku Sang Prabu utusan nimbali. Wong wadon
iku marak marang ngarsane Sang Prabu,
banjur disareni. Wong wadon iku lagi rampung
bae anggone sesuci saka najise nuli mulih
menyang ngomahe. 5 Wong wadon iku tumuli
ngandheg lan kongkonan wong ngaturi uninga
marang Sang prabu Dawud, ature mangkene:
“Kauningana, kawula wawrat.”
6 Sang Prabu Dawud banjur utusan wong
kadhawuhan nglantarake pangandikane
marang Senapati Yoab mangkene: “Uria
wong Het iku dhawuhana seba marang
ngarsaningsun.” Senapati Yoab banjur
ndhawuhi Uria seba marang ngarsane Sang
Prabu Dawud. 7 Nalika Uria lumebu seba
ing ngarsane Sang Prabu didangu mungguh
kaanane Senapati Yoab, wadyabala lan
kaanane peperangan. 8 Sang Prabu Dawud
tumuli dhawuh marang Uria: “Wis mundura,
muliha lan wisuha sikil!” Nalika Uria mundur
saka kraton, ana wong kang nututi nggawa
paringe Sang Prabu. 9 Nanging Uria mapan
turu ana ing ngarepe gapuraning kraton, amor
karo para abdi dalem lan ora mulih. 10 Sang
Prabu diaturi pirsa mangkene: “Uria boten
mantuk dhateng ing griyanipun.” Sang Prabu
Dawud banjur ngandika marang Uria: “Sira
rak lagi mulih saka ing paran? Yagene kok
ora mulih?” 11 Nanging Uria matur marang
Sang Prabu Dawud: “Pethinipun Allah sarta
tiyang Israel lan Yehuda sami wonten ing

tarub, punapa dene Senapati Yoab saha para
abdi dalem sami akemah wonten ing teba,
kawula kok mantuk ngeca-eca nedha lan
ngombe tuwin tilem kaliyan semah kawula?
Demi sugeng saha nyawa panjenengan
dalem kawula boten pisan-pisan badhe
tumindak makaten.” 12 Sang Prabu Dawud
ngandika marang Uria: “Wis ing dina iki sira
lerena ana ing kene. Sesuk sira sunlilani
mangkat!” Dadine Uria ing dina iku kari ana
ing Yerusalem. 13 Esuke Sang Prabu Dawud
dhawuh nimbali Uria didhawuhi ndherek
dhahar lan ngunjuk, tuwin diendemi. Ing
wayah bengi Uria tangi metu lan mapan turu
ana ing paturone, amor karo para abdi dalem,
ora mulih menyang omahe.
14 Esuke Sang Prabu Dawud damel serat
marang Senapati Yoab lan dikirimake lantaran
Uria. 15 Surasane layang iku mangkene: “Uria
prenahna ing cucuking baris kang mbebayani,
nuli sira sumingkira supaya wong iku tiwas.”
16 Ing wektu samana Senapati Yoab ngepung
kutha Raba, Uria diprenahake ing panggonan
kang wus kasumurupan, yen ana mungsuhe
kang gagah prakosa. 17 Nalika para wong
ing kutha iku metu nempuh perang nglawan
Senapati Yoab, ana wadyabala sawatara
kang kapupu, dalah Uria wong Het uga
tiwas. 18 Senapati Yoab banjur utusan wong
ngaturi pirsa marang Sang Prabu Dawud
bab tumindake peperangan. 19 Panjenengane
mekas marang utusan iku mangkene: “Sawuse
ngaturake pawarta bab tumindake peperangan

marang Sang Prabu, [20] lan manawa Sang
Prabu mungkat dukane sarta ngandika
mangkene: Yagene anggonira andon perang
cedhak-cedhak kutha? Apa sira ora weruh,
yen wong bakal nglepasake panah saka ing
sandhuwure balowarti? [21] Sapa kang njalari
tiwase Abimelekh bin Yerubeset? Apa dudu
wong wadon kang ngglundhungake watu
panggilingan saka ing balowarti, temahan mati
ana ing Tebes? Yagene sira cedhak-cedhak
karo balowarti mangkono? kowe nuli munjuka
mangkene: Dalah abdi dalem Uria, tiyang Het
punika ugi sampun nemahi pejah."

[22] Utusan iku banjur mangkat lan satekane
ing kana ngaturi pirsa marang Sang Prabu
Dawud sakehe piwelinge Senapati Yoab.
[23] Utusan mau munjuk marang Sang Prabu
Dawud: "Sarehne para mengsah punika
kakiyatanipun ngungkuli kawula lan sami
nempuh dhateng kawula wonten ing teba,
pramila sami kawula unduraken ngantos
dumugi ing ngajenging gapura. [24] Ing wekdal
semanten para bala pamanah sami nglepasi
panah dhateng para abdi dalem saking
balowarti, temah abdi dalem sawatawis sami
manggih tiwas, dalah abdi dalem Uria tiyang
Het punika ugi nemahi pejah." [25] Sang Prabu
nuli ngandika marang utusan mau: "Sira
matura marang Yoab mangkene: Prakara
iku aja ndadekake esake atinira, amarga wis
lumrah pamangsane pedhang ora pilih wong.
Mulane pangrangsangira marang kutha iku

sengkakna lan gempuren. Mangkono uga padha bombongen atine!”
[26] Bareng somahe Uria krungu, yen Uria lakine wis tiwas, banjur nangisi patine.
[27] Bareng wektune nandhang prihatin wis pundhat, Sang prabu Dawud utusan nimbali wong wadon iku menyang ing daleme. Wong wadon iku dipundhut garwa lan mbabar putra kakung. Nanging prakara kang wus dilampahi Prabu Dawud iku ala ana ing paningale Sang Yehuwah.

Nabi Natan ngengetake marang Sang Prabu Dawud temah Sang Prabu kaduwung

12:1-25

12 [1] Sang Yehuwah Banjur utusan Nabi Natan sowan marang ngarsane Prabu Dawud. Tekan ing ngarsane Sang Prabu nuli munjuk, ature: “Ing satunggaling kitha wonten tiyang kalih: ingkang satunggal sugih, ingkang satunggal mlarat.
[2] Ingkang sugih wau gadhah menda saha lembu kathah sanget.
[3] Tiyang miskin punika boten gadhah punapa-punapa kejawi namung cempe estri alit satunggal, anggenipun tumbas lan dipun ingah. Cempe wau dados ageng sareng kaliyan anak-anakipun, nedha saking pulukanipun, ngombe saking tuwungipun lan tilemipun dipun keloni, prasasat anakipun estri kemawon.
[4] Nuju ing satunggaling dinten tiyang sugih wau ketamuan; sarehne badhe

mendhet salah satunggalipun menda utawi
lembunipun piyambak kaolah kadamel nyegah
tamunipun owel, pramila lajeng mendhet
cempe estri gadhahanipun pun miskin wau,
dipun olah kangge nyegah tiyang lelana
ingkang dhateng ing griyanipun punika."
5 Sang Prabu Dawud muntab dukane marga
saka wong iku lan ngandika marang Nabi
Natan: "Demi asmanipun Sang Yehuwah
ingkang gesang, tiyang ingkang gadhah
tindak kados makaten punika, kedah kaukum
pejah. 6 Saha cempe estri punika mesthi
kalintonan tikel sekawan, amargi nindakaken
prakawis punika sarta boten gadhah piwelas."
7 Nabi Natan banjur munjuk marang Prabu
Dawud: "Inggih panjenengan dalem punika
tiyangipun!" Makaten pangandikanipun Sang
Yehuwah, Gusti Allahipun Israel: Ingsun
kang njebadi sira dadi ratu, ngereh Israel lan
Ingsun kang ngluwari sira saka ing tangane
Saul. 8 Ingsun wus maringake sakukubaning
daleme gustinira marang sira, apadene para
garwane ana ing pangkonira. Ingsun wus
maringake tedhak-turune Israel lan Yehuda
marang sira; lan saupama iku durung cukup
mesthi sunwuwuhi maneh apa bae marang
sira. 9 Yagene sira kok nyawiyah marang Sang
Yehuwah kanthi tindakira kang ala ana ing
paningale Sang Yehuwah? Uria wong Het iku
kok sira pateni klawan pedhang; bojone sira
alap lan Uria sira purih patine srana pedhange
bani Amon. 10 Mulane pedhang ora bakal
gumingsir saka tedhak turunira ing salawase,

amarga sira wus ngremehake Ingsun lan
ngalap bojone Uria wong Het iku sira dadekake
bojonira. 11 Makaten pangandikanipun Sang
Yehuwah: Lah Ingsun bakal ndhawahake bilai
marang sira kang timbul saka kulawarganira
dhewe. Ingsun bakal mundhut para rabinira
ana ing ngareping mripatira lan Sunparingake
marang wong liyane, kang bakal nuroni iku ing
wayah awan. 12 Awit dene sira wus tumindak
klawan dhedhemitan, nanging Ingsun bakal
nindakake prakara iku ana ing ngarepe wong
Israel kabeh klawan blak-blakan.” 13 Prabu
Dawud banjur ngandika marang Nabi Natan:
“Kula sampun nglampahi dosa wonten ing
ngarsanipun Sang Yehuwah.” Lan Nabi Natan
matur marang Prabu Dawud: “Sang Yehuwah
sampun ngruwat dosa dalem, panjenengan
dalem boten badhe seda. 14 Ewasemanten
sarehne panjenengan dalem kanthi tumindak
makaten punika, sampun damel sanget
kuceming asmanipun Pangeran Yehuwah,
putra ingkang miyos saking panjenengan
dalem punika, mesthi badhe seda.”

15 Nabi Natan banjur kondur lan Sang
Yehuwah nggebag putra kang miyos saka
tilase somahe Uria, kang patutan karo Sang
Prabu Dawud, temah gerah. 16 Sang Prabu
Dawud nyenyuwun marang Gusti Allah kanggo
kang putra iku, panjenengane nglampahi
siyam kanthi tumemen lan bareng lumebet ing
dalem sawengi natas tansah ngglunting ana
ing jogan. 17 Para tuwa-tuwane abdi dalem
ngarih-arih supaya Sang Prabu jumeneng saka

ing jogan, nanging ora karsa; uga ora karsa
kembul dhahar karo wong-wong iku.
18 Bareng ing pitung dinane kang putra
nemahi seda. Lan para abdi dalem padha wedi
ngaturi uninga marang Sang Prabu, yen kang
putra wus seda. Amarga para abdi dalem
padha rasanan: “Nalika kang putra isih sugeng,
aku wus padha matur marang Sang Prabu,
nanging aturku ora digalih. Kapriye anggonku
arep padha matur, yen kang putra wis seda?
Aja nganti Sang Prabu mbilaeni sarira.”
19 Nalika Sang Prabu nguningani, yen para abdi
padha bebisikan, Sang Prabu ngretos, manawa
kang putra wus seda. Sang Prabu banjur
ndangu marang abdi dalem: “Bocahe apa wus
mati?” Atur wangsulane para abdi “Nuwun
inggih, sampun seda.”
20 Sang Prabu banjur
jumeneng saka ing jogan, siram lan ngagem
lenga jebad sarta santun pangageman;
panjenengane lumebet ing padalemane Sang
Yehuwah lan sujud manembah. Sawuse iku
banjur kondur menyang kraton lan mundhut
roti nuli iya disaosi sarta banjur dhahar.
21 Para abdi dalem banjur padha munjuk:
“Punapa wadosipun ingkang panjenengan
dalem lampahi punika? Nalika putra dalem
taksih sugeng, panjenengan dalem siyam
saha tansah muwun, mangka sareng putra
dalem seda panjenengan dalem kok lajeng
jumeneng tuwin dhahar?”
22 Pangandikane
Sang Prabu: “Nalika bocah iku isih urip, aku
puasa lan nangis, amarga pangunandikaku:
Bokmanawa Sang Yehuwah karsa melasi

marang aku, temah bocah iku lestari urip.
23 Nanging sarehne saiki wis mati apa perlune
aku isih puwasa? Apa bocah iku bisa bali
maneh marang aku? Aku kang bakal nusul
bocah iku, nanging bocah iku ora bakal bali
marang aku.”
24 Sang Prabu Dawud banjur ngimur-imur
galihe Sang Putri Batsyeba, kang garwa;
panjenengane banjur ngrawuhi Sang Putri
sarta nunggil sare; lan Sang Putri banjur
mbabar putra kakung, Sang Prabu Dawud
maringi asma Suleman. Sang Yehuwah ngasihi
marang putra iku 25 lan lumantar Nabi Natan
maringi asma Yedija, marga saka karsane
Sang Yehuwah.

Paprangan nglawan bani Amon wis rampung

12:26-31

1Bb 20:1-3

26 Senapati Yoab andon perang nglawan Raba,
kuthane bani Amon lan mbedhah kuthane
krajan. 27 Senapati Yoab utusan wong marang
ngarsane Sang Prabu Dawud sarta diwekas:
“Kawula sampun andon perang nglawan kitha
Raba lan ugi sampun mbedhah kitha pinggir
lepen. 28 Pramila panjenengan dalem kawula
aturi nglempakaken kekantuning wadyabala,
kitha punika panjenengan dalem kepang lan
panjenengan dalem bedhah, supados sampun
ngantos kawula ingkang mbedhah kitha punika

lan sampun ngantos nama kawula ingkang
kocap wonten ing kitha punika.”
[29] Sawuse iku Prabu Dawud nglempakake
sakehing wadyabala, banjur nglurug menyang
ing kutha Raba, lan perang nglawan kutha iku,
banjur kabedhah. [30] Panjenengane mundhut
makuthaning ratune bobote satalenta mas,
tinatah mawa sesotya kang larang regane, nuli
diagem ing mastakane. akeh barang jarahan
kang diusungi saka ing kutha iku. [31] Wong isine
kutha padha diboyongi lan dipeksa nglakoni
pagawean mawa graji, bur lan wadung wesi;
uga dikon nyambutgawe ana ing panggonan
nyithak bata. Sakehe wong ing kutha-kutha
bani Amon uga ditrapi gawean mengkono
dening Sang Prabu Dawud. Sawuse mangkono
Prabu Dawud nuli kondur menyang Yerusalem
kadherekake wadyabala kabeh.

Pangeran Amnon lan Sang Putri Tamar

13:1-22

13 [1] Sawuse iku ana lelakon kaya ing
ngisor iki: Pangeran Absalom, putrane
Sang Prabu Dawud kagungan rayi putri kang
ayu warnane, asmane Tamar: lan Sang Amnon
putrane Sang Prabu Dawud kasmaran marang
putri iku. [2] Galihe Pangeran Amnon wuyung
banget, temah nandhang gerah marga saka
Sang Putri Tamar, sadhereke iku, amarga Sang
Putri iku isih kenya lan miturut pangrasane
Pangeran Amnon, langka bisane nandukake
apa-apa marang panjenengane. [3] Pangeran

Amnon kagungan mitra, asmane Yonadab,
putrane Sang Simea, kang raka Sang Prabu
Dawud. Sang Yonadab iku wong kang pinter
banget. 4 Ature marang Pangeran Amnon:
"Dhuh Sang Rajaputra, kenging punapa
dene panjenengan dalem saben enjing kok
ketingal suntrut makaten? Punapa boten
langkung prayogi panjenengan dalem paring
sumerep dhateng kawula?" Pangandikane
Pangeran Amnon marang Sang Yonadab:
"Kula remen dhateng Tamar, rayinipun
adhimas Absalom, sadherek kula." 5 Ature
sang Yonadab: "Panjenengan dalem kawula
aturi sare wonten ing pasarean lan api-api
gerah. Samangsa kang rama rawuh tetuwi,
panjenengan matur makaten: Rayi kula Tamar
mugi keparengna ngladosi tetedhan dhateng
kawula. Anggenipun ngolahaken tetedhan
punika wontena ing ngajeng kawula, temah
kawula saged nungkuli, sarta kawula sageda
nedha saking tanganipun."
6 Sawuse iku Pangeran Amnon sarean lan
api-api gerah. Nalika Sang Prabu Dawud rawuh
tetuwi, Pangeran Amnon munjuk marang Sang
Prabu: "Rayi kawula Tamar mugi kaparengna
dhateng ngolahaken kuwih-kuwih satunggal
kalih wonten ing ngajeng kawula, supados
kawula tedha saking tanganipun." 7 Sang
Prabu banjur utusan abdi marani Sang Putri
Tamar, menyang ing daleme sarta kaweling:
"Menyanga ing omahe kangmasmu Amnon lan
olahna panganan." 8 Sang Putri Tamar banjur
tindak menyang ing daleme Pangeran Amnon,

kang raka kang lagi sarean. Sang Putri Tamar
banjur mundhut jladren diulet lan diolah
kagawe panganan, ana ing ngarsane Pangeran
Amnon, nuli kapanggang. 9 Sawuse iku Sang
Kenya mundhut wajane lan ngesok isine ana
ing ngarsane Pangeran Amnon, nanging ora
kersa dhahar. Pangeran Amnon ngandika:
“Wong kabeh padha konen metu saka ing
kene.” Wong kabeh banjur padha metu saka
ing kono. 10 Pangeran Amnon banjur ngandika
marang kang rayi Tamar: “Pangananе gawanen
menyang kamar, supaya aku mangan saka
ing tanganmu.” Sang Putri mundhut panganan
olah-olahane, nuli diaturake marang kang raka
Amnon menyang ing jero kamar. 11 Bareng
Sang Putri nyaosake dhaharan, Sang Putri
kacandhak lan dipangandikani: “Ayo turu karo
aku, dhiajeng!” 12 Nanging Sang Putri matur
marang Amnon, kang raka: “Boten kangmas,
sampun panjenengan masesa kula, amargi
lampah makaten punika boten urus wonten
ing Israel. Panjenengan sampun ngantos
tumindak nistha makaten. 13 Punapa malih
badhe dhateng pundi anggen kula nyingkiraken
kawirangan kula punika? Dene panjenengan
punika, panjenengan badhe kagolongaken
tiyang gemblung wonten ing Israel. Pramila
panjenengan kula aturi matur dhateng Sang
Prabu, awit panjenenganipun temtu boten
badhe nyukengi kula, temtu karsa maringaken
kula dhateng panjenengan.” 14 Nanging
Pangeran Amnon ora maelu marang ature
kang rayi; lan sarehne luwih rosa katimbang

Sang Putri, dirodapeksa lan ditunggil sare.
15 Wasana Pangeran Amnon katuwuhan rasa
sengit kang luwih banget marang Sang
Putri, malah rasane sengit ngluwihi rasane
remen marang kang rayi ing sadurunge.
Pangeran Amnon ngandika marang Sang
Putri: "Ngadega lan lungaa!" 16 Sang Kenya
matur: "Sampun tumindak makaten dhuh
kakangmas, anggen panjenengan nundhung
kula punika langkung awon katimbang kaliyan
ingkang sampun panjenengan tandukaken
dhateng kula." Nanging Pangeran Amnon ora
maelu marang ature Sang Putri. 17 Banjur
nimbali abdine kang ngladeni, dhawuhe:
"Wong wadon iku konen lunga saka kene,
lawange nuli kuncinen!" 18 Sang Putri ngagem
rasukan alengen dawa kang endah banget,
awit wis kalumrah putrining ratu kang isih
kenya ngagem rasukan alengen dawa. Abdi
mau banjur nundhung Sang Putri menyang
njaba nuli lawange dikunci. 19 Sang Putri Tamar
banjur nguwur-uwuri awu ing mastakane,
nyuwek rasukane alengen dawa kang endah
iku, nyunggi astane lan tindak muwun klawan
swara dumeling.

20 Pangeran Absalom, kang raka, ndangu
marang Sang Putri: "Apa kangmasmu Amnon
iku sapaturon karo kowe? Lah saiki, dhiajeng
menenga bae, wong iku kangmasmu dhewe,
prakara iku aja koklebokake ing atimu." Sang
Putri Tamar manggen nyepi ana ing daleme
Pangeran Absalom kang raka. 21 Nalika Sang
Prabu Dawud miyarsa prakara iku kabeh,

banget muntab dukane. 22 Pangeran Absalom
ora reraosan karo Pangeran Amnon kang ala
utawa kang becik, nanging Pangeran Absalom
ngrendhem sengit banget marang Pangeran
Amnon, awit saka anggone masesa marang
kang rayi Tamar.

Pangeran Amnon kasedanan, Pangeran Absalom ngungsi

13:23-39

23 Sawuse kelakon rong taun, Pangeran
Absalom nganakake pahargyan mbathili
wedhus-wedhuse ana ing Baal-Hazor, ing
sacedhake kutha Efraim. Pangeran Absalom
ngulemi para putrane Sang Prabu kabeh.
24 Pangeran Absalom sowan marang ngarsane
Sang Prabu, banjur munjuk: "Abdi dalem
punika badhe ngadhah damel mbathili
menda. Punapa Sang Prabu kepareng rawuh,
kadherekaken para punggawa nyarengi
lampah kawula?" 25 Nanging Sang Prabu
ngandika marang Absalom: "Aja dadi atinira
putraningsun, ngger, yen kabeh padha mrana,
mundhak gawe repotira." Pangeran Absalom
banget panyuwune, nanging Sang Prabu
ora karsa tindak, mung paring pangestu.
26 Pangeran Absalom matur maneh: "Manawi
panjenengan dalem boten karsa, kalilana
kangmas kawula Amnon kemawon tindaka
kaliyan kawula." Nanging Sang Prabu
ngandika: "Apa ta prelune kangmasmu
Amnon melu karo kowe?" 27 Ewadene sarehne

Pangeran Absalom banget panyuwune,
Pangeran Amnon dalah para putra liyane
dililani melu.
28 Pangeran Absalom banjur mrentahi marang
para abdine mangkene: “Padha diawas!”
Manawa Amnon wis gambira marga saka
sumuking anggur lan aku ngabani marang
kowe: Amnon tempuhen, wong iku patenana.
Aja wedi. Rak aku kang dhawuh marang
kowe? diteteg atimu lan ngatokna gagah
prakosamu.” 29 Para abdine Pangeran Absalom
nuli nandukake marang Pangeran Amnon
apa saprentahe Pangeran Absalom. Sakehe
putrane Sang Prabu banjur menyat, nitih
bihale dhewe-dhewe lan padha lumajeng.
30 Nalika para putrane Sang Prabu isih padha
ana ing dalan Sang Prabu Dawud midhanget
pawarta mangkene: “Pangeran Absalom
sampun nyedani sakathahing putranipun Sang
Prabu, boten wonten satunggal-tunggala
ingkang saged lolos.” 31 Sang Prabu banjur
jumeneng, nyuwek-nyuwek pangagemane
lan dhawah gumuling ana ing jogan, tuwin
sakehe abdi dalem kang ngadhep, padha
nyuwek-nyuwek panganggone. 32 Nanging
Sang Yonadab, bin Simea, kang raka Sang
Prabu Dawud, tumuli matur: “Gusti sampun
nginten bilih para mudha para putra dalem
sadaya sami kasedanan. Namung Pangeran
Amnon ingkang seda, amargi prakawis punika
sampun katawis wonten ing pasuryanipun
Pangeran Absalom, wiwit nalika Pangeran
Amnon masesa Sang Putri Tamar, rayinipun.

33 Pramila dhuh gusti kawula Sang Prabu,
sampun nggalih, bilih sadaya putra dalem
sampun seda, amargi namung Pangeran
Amnon piyambak ingkang seda.”
34 Kacarita Pangeran Absalom lolos. Nalika
wong jaga ngulat-ulatake, katon ana wong
sagolongan gedhe teka saka ing dalan kang
menyang Horonaim, saurute perenging
gunung. 35 Sang Yonadab matur marang Sang
Prabu: “Kauningana, para putra dalem sampun
sami rawuh. Rak leres kados unjukipun abdi
dalem. 36 Lagi bae anggone munjuk, para
putrane Sang Prabu padha sowan kalawan
muwun kanthi sora. Sang Prabu iya muwun
kalawan swara sora, mangkono uga sakehe
abdi dalem.
37 Pangeran Absalom wus lolos lan ngungsi
marang kratone Prabu Talmai bin Amihud,
ratu ing tanah Gesur. Lan Sang Prabu Dawud
nandhang sungkawa pirang-pirang dina marga
saka putrane mau. 38 Pangeran Absalom
anggone lolos lan ngungsi ana ing kraton
Gesur nganti telung taun. 39 Sang Prabu
wus lilih dukane marang Pangeran Absalom,
amarga sungkawane jalaran saka sedane
Pangeran Amnon wus lipur.

Pangeran Absalom kondur

14:1-33

14 1 Bareng Senapati Yoab bin Zeruya
mirsa, yen Sang Prabu Dawud kangen
marang Pangeran Absalom, 2 banjur utusan

abdi menyang Tekoa marani wong wadon
kang limpad ing budi, nuli ngandika marang
wong wadon iku: "Bok kowe api-api kaya
wong nandhang prihatin lan manganggoa
sandhangan wong kepaten, aja jebadan lan
polatanmu membaa wong wadon kang wis
pirang-pirang dina nangisi wong mati. 3 Banjur
lumebua marak Sang Prabu lan munjuka
marang panjenengane mangkene." Senapati
Yoab banjur marahi marang wong wadon
mau apa kang kudu diunjukake marang Sang
Prabu.
4 Nalika wong wadon Tekoa marak Sang
Prabu , lan banjur sumungkem raine konjem
ing bumi, nyembah sarta matur: "Dhuh, Gusti
kawula Sang Prabu, kawula nyuwun tulung."
5 Sang Prabu nuli ndangu marang wong wadon
iku: "Ana apa?" Unjuke wong wadon mau:
"Dhuh Gusti, kawula punika randha, amargi
semah kawula sampun tilar. 6 Abdi dalem
punika gadhah anak jaler kalih; lare kalih
punika sami kerengan wonten ing pategilan;
sarehne boten wonten ingkang misah, ingkang
satunggal nggebagi satunggalipun ngantos
pejah. 7 Lan sapunika sadaya sanak-sadherek
sami nggigat dhateng abdi dalem sarta
wicanten: Anakmu kang mateni sadulure iku
ulungna, arep dak patem, minangka gantine
nyawane sadulure kang dipateni iku lan aku
iya arep numpes ahli warise. Tiyang punika
sami badhe numpes turun kawula ingkang
taksih kantun, temah semah kawula boten
nilar nama wonten ing salumahing bumi."

8 Wong wadon iku banjur didhawuhi: “Wis
muliha. Ingsun bakal paring prentah tumrap
sira.” 9 Wong wadon ing Tekoa iku munjuk
marang Sang Prabu: “Kawula saha kulawarga
kawula badhe nyanggi kalepatan punika,
dhuh Gusti kawula Sang Prabu, nanging Sang
Prabu tuwin dhampar dalem boten lepat.”
10 Sang Prabu Banjur ngandika: “Yen ana wong
ngandhakake apa-apa maneh tumrap sira,
wong iku ladekna marang ing ngarsaningsun,
mesthi ora bakal gepok senggol karo sira
maneh.” 11 Unjuke wong wadon iku: “Mugi
Sang Prabu tansah enget dhateng Pangeran
Yehuwah, Gusti Allah dalem, supados pun
waris pulih rah punika sampun ngantos
kekathahen anggenipun nuwuhaken karisakan
lan sampun ngantos sami mejahi anak kawula
punika.” Sang Prabu banjur ngandika: “Demi
Sang Yehuwah agesang, ora bakal ana rambut
saeler-elera kang runtuh saka sirahe anakira
ing bumi.”
12 Wong wadon iku banjur munjuk:
“Kalilanana abdi dalem munjuk sakecap
malih dhateng gusti kawula Sang Prabu.”
Pangandikane Sang Prabu: “Mara munjuka!”
13 Unjuke wong wadon iku: “Kenging punapa
Sang Prabu kagungan panggalih ingkang
kados makaten tumrap umatipun Gusti Allah.
Sarehne panjenengan dalem nglairaken
pangandika punika, panjenengan dalem
piyambak ingkang lepat, dene boten nglilani
mantukipun tiyang ingkang sampun kabucal.
14 Amargi kita punika mesthi ngalami pejah,

kita punika kados toya ingkang kaesokaken
dhateng ing bumi, ingkang boten saged
kaklempakaken malih. Nanging Gusti
Allah boten mulung nyawanipun tiyang,
nanging malah ngrancang supados tiyang
punika boten kelajeng-lajeng binucal saking
Panjenenganipun. 15 Lah sapunika kawula
marak ngunjukaken prakawis punika dhateng
Gusti kawula Sang Prabu, amargi tiyang
kathah sami ngajrih-ajrihi kawula. Pramila
osiking manahipun abdi dalem: Becike
dakmunjuk marang Sang Prabu dhisik,
bokmanawa Sang Prabu nyembadani atur
panyuwune abdine iki. 16 Amarga Sang Prabu
mesthi bakal miyarsakake aku lan ngluwari
aku saka tangane para wong kang sumedya
nyirnakake aku bareng karo anakku, saka
tanah pusakane warisane Gusti Allah. 17 Abdi
dalem ugi manah: Pangandikane gustiku Sang
Prabu mesthi ngayemake atiku, amargi gusti
kawula Sang Prabu punika kados malaekatipun
Gusti Allah, kados makaten gusti kawula Sang
Prabu, ingkang saged milah-milahaken pundi
ingkang sae saha pundi ingkang awon. Lan
Pangeran Yehuwah, Gusti Allah dalem mugi
nunggila kaliyan gusti kawula."

18 Sang Prabu banjur paring pangandika
marang wong wadon mau: "Mara sira aja
ngumpetake marang ingsun, apa kang arep
sundangokake marang sira." Unjuke wong
wadon: "Mugi gusti kawula Sang Prabu karsaa
ngandika!" 19 Sang Prabu banjur ndangu: "Apa
Yoab ora melu-melu karo sira mungguh ing

prakara iki?” Wong wadon matur, unjuke:
“Demi kasugengan dalem, dhuh gusti kawula
Sang Prabu, kawula sampun boten saged
menggak-menggok ngiwa utawi nengen malih
saking sadaya ingkang dipun pangandikakaken
gusti kawula Sang Prabu. Sajatosipun abdi
dalem Sang Yoab piyambak ingkang dhawuhi
kawula, panjenenganipun ingkang murugi
abdi dalem ngunjukakaken sadaya tembung
punika. 20 Kanthi pangangkah ngewahi
wujudipun prakawis punika, pramila abdi
dalem Sang Yoab nindakaken prakawis punika.
Nanging gusti kawula punika wicaksana kados
malaekatipun Gusti Allah, temah nguningani
samukawis ingkang kalampahan wonten ing
bumi.”
21 Sawuse iku Sang Prabu ngandika
marang Yoab: “Lah iya wis, panyuwun iki
sunparengake. Lungaa, maranana wong anom
Absalom iku, gawanen bali.” 22 Senapati Yoab
banjur sujud, pasuryane konjem ing bumi
lan nyembah klawan nyuwun berkah kagem
Sang Prabu. Lan unjuke: “Ing dinten punika
abdi dalem nyumerepi, bilih gusti kawula Sang
Prabu karenan dhateng kawula, amargi gusti
kawula sampun nyembadani panyuwunipun
abdi dalem.” 23 Senapati Yoab banjur tindak
menyang ing Gesur lan ndherekake Pangeran
Absalom kondur menyang Yerusalem.
24 Nanging Sang Prabu ngandika: “Absalom
kareben njujug ing omahe dhewe, aja nganti
sowan ana ing ngarsaningsun.” Dadine

Pangeran Absalom njujug ing daleme lan ora
sowan marang ngarsane Sang Prabu.
[25] Ing saindenge tanah Israel ora ana kang
kaloking baguse munjuli Pangeran Absalom.
Wiwit saka dlamakan nganti tutug ing
embun-embunan ora ana cacade babar pisan.
[26] Manawa paras -- ing wekasaning saben
taun, amarga kabotan kagem panjenengane
-- remane iku bobote rong atus sekel, miturut
watu timbanganing krajan. [27] Pangeran
Absalom kagungan putra kakung telu lan putri
siji, kang asma Tamar, sawijining putri kang
ayu rupane.
[28] Bareng Pangeran Absalom anggone
dedalem ana ing Yerusalem wus ganep rong
taun sarta sasuwene iku ora tau seba marang
ing ngarsane Sang Prabu, [29] Pangeran Absalom
utusan nimbali Sang Yoab, arep kautus sowan
marang ing ngarsane Sang Prabu. Nanging ora
karsa. Banjur utusan nimbali maneh, kaping
pindhone, ewadene iya ora karsa. [30] Pangeran
Absalom banjur ngandika marang para abdine:
"Lah palemahane Yoab ana ing sandhinge
duwekku lan ing kana ana tandurane sair,
padha mranaa, obongen iku!" Para abdine
Absalom banjur ngobong pategalan iku.
[31] Senapati Yoab banjur sowan manggihi
Pangeran Absalom ana ing daleme lan
matur marang Pangeran Absalom: "Punapa
sababipun para abdi dalem sami mbesmi
pasiten gadhahan kawula?" [32] Pangandikane
Pangeran Absalom marang Yoab: "Inggih,
kula sampun kengkenan tiyang mawi kula

weling; panjenengan kula suwun rawuh mriki
badhe kula purih sowan dhateng Sang Nata
ngunjukakaken atur kula makaten: Punapa
prelunipun kawula wangsul saking tanah
Gesur? Aluwung kawula tetep manggen
wonten ing ngrika. Lah sapunika kula badhe
sowan dhateng Sang Prabu. Manawi kawula
kaanggep lepat, inggih sumangga kaukuma
pejah.” 33 Senapati Yoab banjur sowan marang
ing ngarsane Sang Prabu ngunjukake bab iku.
Sang Prabu nuli nimbali Pangeran Absalom,
lan banjur sowan marang ing ngarsane Sang
Prabu, sumungkem wedanane konjem ing
bumi. Sang Prabu banjur ngaras Pangeran
Absalom.

Pangeran Absalom nganakake sekuthon

15:1-12

15 1 Sawuse iku Pangeran Absalom banjur
nyawisake kreta sajarane lan wong
seket kang njajari. 2 Saben esuk jumeneng
ana ing pinggir dalan kang anjog ing gapura.
Sadhengah wong kang duwe prakara lan
arep seba marang ing ngarsane Sang Nata
nyuwun pangadilan, wong mau ditimbali
dening Pangeran Absalom sarta didangu:
“Kowe saka kutha ngendi?” Dene manawa
diwangsuli: “Abdi dalem punika dhateng
saking taler Israel anu,” 3 tumuli wong mau
dipangandikani: “Mungguh prakaramu iku
becik lan bener, nanging ora ana kang
nyembadani marang kowe atas saka Sang

Nata.” 4 Pangeran Absalom ngandika maneh:
“Saupama aku ditetepake dadi hakim ana ing
nagara kene! Sadhengah wong kang duwe
prakara utawa padudon miturut pranatan,
kena sowan marang ngarsaku lan bakal
dakadili prakarane.” 5 Yen ana wong seba sujud
nyembah marang Pangeran Absalom, banjur
mulung astane, wonge dicandhak lan diaras.
6 Cara kang kaya mangkono iku ditandhukake
Pangeran Absalom marang sakehe wong Israel
kang arep sowan ing ngarsane Sang Prabu
nyuwun pangadilan. Kanthi patrap mangkono
anggone Pangeran Absalom mikat atine wong
Israel.
7 Sawuse kelakon patang taun Pangeran
Absalom munjuk marang Sang Prabu: “Mugi
kalilana kawula kesah dhateng Hebron prelu
ngluwari ujar kawula ingkang sampun kawula
lairaken dhateng Sang Yehuwah. 8 Amargi abdi
dalem punika nalika taksih wonten ing Gesur,
ing tanah Aram, gadhah nadar makaten:
“Manawa Yehuwah sanyata marengake aku
mulih menyang Yerusalem, aku bakal ngabekti
marang Sang Yehuwah.” 9 Sang Prabu banjur
dhawuh marang Pangeran Absalom: “Iya
mangkata, sunsangoni slamet.” Pangeran
Absalom banjur cecawis lan tindak menyang
Hebron.
10 Ing wektu samana Pangeran Absalom
wis utusan telik marani sakehe taler Israel,
kalawan piweling: “Samangsa kowe krungu
swaraning kalasangka, banjur padha alok-
aloka: Absalom wis jumeneng ratu ana ing

Hebron!” [11] Kang ndherek tindake Pangeran Absalom saka ing Yerusalem wong rong atus; para wong kang oleh uleman ndherek ora nglegewa lan ora ngreti apa-apa mungguh ing prakara iku.

[12] Nalika Pangeran Absalom arep saos kurban, banjur nimbali Sang Akhitofel, wong ing Gilo, juru pirembage Sang Prabu Dawud, saka ing kutha Gilo. Mangkono dadine pasakuthon iku sangsaya mundhak kuwat lan sangsaya akeh wong kang ngrojongi marang Pangeran Absalom.

Sang Prabu Dawud lolos saka ing Yerusalem

15:13-37

[13] Tumuli ana wong kang ngaturi uninga marang Prabu Dawud, unjuke: “Manahipun tiyang Israel sampun sami kelu dhateng Pangeran Absalom.” [14] Sang Prabu Dawud banjur ngandika marang sakehe abdi dalem kang ndherek panjenengane ana ing Yerusalem, dhawuhe: “Padha tata-tataa, payo padha ngungsi, aja nganti kita ora bisa oncat saka ing ngarepe Absalom. Dikebat padha mangkat, supaya wong iku aja nganti enggal bisa nututi kita lan nekakake bilai marang kita lan nggecek kutha iki klawan landheping pedhang.” [15] Para abdi dalem padha munjuk marang Sang Prabu: “Sumangga sakarsa dalem gusti kawula Sang Prabu. Kawula sami sandika nglampahi.” [16] Sang Prabu banjur

miyos lan saisine kraton padha ndherek
tindake, mung garwa ampeyan sepuluh kang
katilar padha tunggu kraton. 17 Sang Prabu
miyos kadherekake dening para abdine kabeh.
Ana ing sacedhake omah kang wekasan
banjur kendel. 18 Dene sakehe abdi dalem,
dalah sakehe wong Kreti lan wong Pleti padha
lumaku ngliwati panjenengane uga sakehe
wong Gat, cacahe wong nem atus, kang
ndherek panjenengane wiwit saka ing Gat
padha mlaku ngliwati Sang Prabu.
19 Sang Prabu Dawud banjur ndangu marang
Itai, wong Gat: "Yagene sira kok mlaku
melu ingsun uga? Muliha lan ndhereka Sang
Prabu, amarga sira iku padha wong neneka,
apamaneh sira iku wong boyongan saka
ing tanah kamulanira. 20 Lagi dhek wingi
anggonira teka, apa iya ing dina iki ingsun
ngajak sira nglembara, mangka ingsun
kapeksa lunga saparan-paran. Wis muliha karo
para sadulurira, muga-muga Sang Yehuwah
paring sihkadarman lan kasetyan marang
sira." 21 Ewadene Itai munjuk marang Sang
Prabu: "Demi Sang Yehuwah agesang lan
demi sugeng dalem gusti kawula Sang Prabu,
wonten ing pundi kemawon panjenengan
dalem, kawula inggih badhe ndherek." 22 Prabu
Dawud nuli ngandika marang Itai: "Yen
mangkono lumakua liwata!" Itai wong Gat iku
nuli mlaku liwat bebarengan karo wong-wonge
lan bocah-bocah kang padha melu dheweke.
23 Wong sanagara padha nangis kabeh kalawan
swara sora, nalika wong-wong padha liwat.

Sang Prabu banjur nyabrang ing kali Kidron
lan wong akeh padha lumaku ngener marang
ing pasamunan.
24 Lan Imam Zadhok uga ana ing kono,
kadherekake dening sakehing wong Lewi
kang ngusung pethi prajanjiane Gusti Allah.
Padha nyelehake pethine Gusti Allah --
Imam Abyatar uga melu -- nganti sakehe
wong saka kutha wis padha nyabrang kabeh.
25 Sang Prabu banjur ngandika marang
Imam Zadhok: "Pethi prajanjianipun Gusti
Allah sampeyan bekta wangsul dhateng
kitha, manawi kula angsal sihkadarmanipun
Sang Yehuwah, Panjenenganipun inggih
badhe marengaken kula wangsul, temah
kula badhe nyawang malih pethinipun Gusti
Allah ugi padalemanipun. 26 Nanging manawi
Panjenenganipun ngandika makaten: Ingsun
wis ora sarju marang sira, kula inggih sandika,
mugi Pangeran nandhukaken dhateng kula
punapa ingkang sae wonten ing ngarsanipun."
27 Sang Prabu Dawud ngandika maneh
marang Imam Zadhok: "Saenipun, sampeyan
lan Imam Abyatar wangsula mantuk kanthi
wilujeng kaliyan anak sampeyan piyambak-
piyambak: inggih punika anak sampeyan
Ahimaas saha Yonatan anakipun Abyatar.
28 Lah kula badhe ngentosi wonten ing
sacelakipun panggenan pasabrangan dhateng
ing pasamunan, ngantos wonten pawartos
saking sampeyan, ingkang suka sumerep
dhateng kula." 29 Imam Zadhok lan Imam
Abyatar banjur nggawa bali pethine Gusti Allah

menyang ing Yerusalem lan kendel ana ing
kono.
30 Sang Prabu minggah ing gunung Jaitun
karo muwun, mastakane kudhungan lan
tindake tanpa trumpah. Sakehe wong kang
ndherekake uga padha kudhungan sirahe
lan anggone munggah padha karo nangis.
31 Nalika Sang Prabu diaturi uninga mangkene:
"Akhitofel wonten ing satengahipun tiyang-
tiyang ingkang sekuthon kaliyan Pangeran
Absalom." Sang Prabu banjur nyebut: "Mugi
Paduka karsaa nggagalaken pitedahipun
Akhitofel, dhuh Sang Yehuwah."
32 Bareng Sang Prabu wus rawuh ing pucak,
ing panggonane wong padha nyembah
sujud marang Gusti Allah, Husai, wong ing
Arki, teka methukake Sang Prabu, nganggo
jubah rowak-rawek lan sirahe kawur-wuran
lemah. 33 Prabu Dawud ngandika marang
wong mau: "Yen sira ndherek ingsun, bakal
ngebot-eboti tindakingsun. 34 Nanging yen
sira bali menyang kutha lan munjuk marang
Absalom: Kawula punika abdi dalem, dhuh
Sang Prabu, sanadyan kawula punika wiwit
rumiyin mila ngabdi rama dalem, namung
sapunika dados abdi dalem; sarana mengkono
sira bisa mbatalake pituture Akhitofel demi
asmaningsun. 35 Imam Zadhok lan Imam
Abyatar rak amor karo sira ana ing kana ?
Dadi kabeh kang sira rungu saka ing kraton,
iku kandhakna marang Imam Zadhok lan
Imam Abyatar. 36 Lan maneh anake karo pisan
rak iya padha ana ing kono: Ahimaas, anake

Imam Zadhok lan Yonatan, anake Imam
Abyatar; sira ngirimna sabarang kang sira
rungu lumantar wong-wong iku.”
37 Lan Husai, mitrane Prabu Dawud, banjur
menyang ing Yerusalem nalika Pangeran
Absalom lagi rawuh ing Yerusalem.

Prabu Dawud kepanggih karo Ziba

16:1-4

16 1 Nalika tindake Sang Prabu lagi bae
ngliwati pucak, Ziba, abdine Sang
Mefiboset methukake Sang Prabu nggawa
kuldi sarakit, kang dilapaki, dimoti roti
rong atus iji, kuwih kismis satus emplek,
woh-wohan ing mangsa panas satus lan
anggur saimpes. 2 Sang Prabu banjur ndangu
marang Ziba: “Kepriye karepira iki?” Ature
Ziba: “Kuldi-kuldi punika kangge titihanipun
para garwa putra dalem; roti lan woh-wohan
punika kangge tedhanipun para abdi lan
anggur punika kangge omben-ombenipun
tiyang-tiyang ingkang kasayahen wonten ing
pasamunan.” 3 Sang Prabu banjur ndangu:
“Putrane gustimu ana ing ngendi?” Atur
wangsulane Ziba: “Panjenenganipun wonten
ing Yerusalem, amargi pangandikanipun: Ing
dina iki turune Israel bakal mbalekake kratone
kanjeng rama marang aku.” 4 Sang Prabu
banjur dhawuh marang Ziba: “Yen mengkono
saduweke Mifiboset dadia duwekira.” Unjuke
Ziba: “Dhawuh dalem kawula pundhi. Mugi

kawula lestantun manggih sih wonten ing
ngarsa dalem, dhuh gusti kawula Sang Prabu.”

Simei ngipat-ipati Prabu Dawud

16:5-14

5 Bareng Sang Prabu Dawud rawuh ing
Bahurim, ana wong jumedhul saka ing
kono, kalebu saka santanane Prabu Saul,
jenenge Simei bin Gera. Wong iku tanpa
kendhat anggone ngipat-ipati karo nyedhaki
Prabu Dawud. 6 Sang Prabu Dawud lan
para abdine Sang Prabu padha disawati
watu, sanadyan sakehe wadyabala lan para
prawira padha ngurung-urung ing sakiwa
tengene. 7 Mangkene pangucape Simei,
nalika ngipat-ipati: “Lungaa, lungaa he
wong kang ngwutahake getih, wong dursila!
8 Sang Yehuwah wus nempuhake getihe
para kulawargane Sang Prabu Saul marang
kowe, kang kokgenteni kaprabone. Sang
Yehuwah wis masrahake kalungguhanmu
marang anakmu Absalom. Lan saiki kowe
nandhang sangsara, amarga kowe wong kang
ngwutahake getih.” 9 Sang Abisai bin Zeruya
nuli munjuk marang Sang Prabu: “Kenging
punapa segawon pejah punika ngipat-ipati
panjenengan dalem, gusti kawula Sang Prabu?
Kalilana kawula nyabrang lan nigas gulunipun.”
10 Nanging Sang Prabu ngandika: “He,
anak-anake Zeruya, ingsun melu-melu apa
marang sira? Kareben ta ngipat-ipati ingsun.
Amarga saupama Sang Yehuwah ngandika

marang wong iku: Dawud ipat-ipatana, sapa
kang bakal wani takon: Yagene kowe kok
tumindak mangkono?” 11 Sang Prabu ngandika
maneh marang Sang Abisai lan marang sakehe
para abdine: “Dene putraningsun piyambak
bae ngarah nyawaningsun, mendahane
maneh turune Benyamin iki saiki. Wis togna
bae, kareben ngipat-ipati amarga Sang
Yehuwah kang ndhawuhi marang wong iku
mangkono. 12 Bokmanawa Sang Yehuwah
bakal nggalih marang kasangsaraningsun iki
lan Panjenengane males kabecikan marang
ingsun minangka lirune anggoningsun
diipat-ipati ing dina iki.” 13 Sang Prabu Dawud
banjur nglajengake tindake kadherekake para
abdi, dene Simei mlaku terus nurut perenging
gunung adu arep karo panjenengane lan karo
mlaku tansah ngipat-ipati, nyawati watu lan
ngabul-abul lebu. 14 Sang Prabu sayah banget
nalika rawuh ing pinggire bengawan Yarden
dalah wong kang padha ndherekake, sarta
banjur padha ngaso ana ing kono.

Husai lan Akhitofel seba marang ngarsane Pangeran Absalom

16:15-23

15 Pangeran Absalom lan sakehe wong
Israel padha mlebu ing kutha Yerusalem,
lan Akhitofel iya ndherek. 16 Bareng Husai,
wong Arki, mitrane Sang Prabu Dawud, sowan
ing ngarsane Pangeran Absalom, banjur
munjuk: “Sugenga Sang Prabu, sugenga

Sang Prabu!” [17] Pangeran Absalom ngandika
marang Husai: “Apa kaya mangkene iki
kasetyanmu marang mitramu? Geneya kowe
ora melu marang mitramu?” [18] Husai banjur
matur marang Pangeran Absalom: “Boten,
nanging panjenenganipun ingkang piniji
dening Sang Yehuwah tuwin dening rakyat
punika saha dening saben tiyang Israel, inggih
panjenenganipun punika ingkang mengku
kawula, saha ingkang kawula suwitani.
[19] Punapa malih sinten ingkang badhe kawula
suwitani? Punapa sanes putranipun? Kados
dene anggen kawula ngabdi dhateng rama
dalem, makaten ugi kawula badhe ngabdi
dhateng panjenengan dalem.”

[20] Pangeran Absalom banjur ngandika
marang Akhitofel: “Mara aku aturana rembug,
apa kang kudu daklakoni?” [21] Akhitofel
banjur ngaturi wangsulan: “Panjenengan
dalem kawula aturi mrepeki para garwanipun
ampeyan ingkang rama, ingkang katilar
nengga kraton. Manawi kapireng dening
sakathahipun tiyang Israel, bilih panjenengan
dalem sampun damel sarira dalem sinengitan
dening rama dalem, temah sadaya tiyang
ingkang ndherek panjenengan dalem, badhe
sami kasantosakaken manahipun.” [22] Pangeran
Absalom banjur diyasakake kemah ana
ing payon, lan Absalom banjur mrepeki
para garwane ampeyan kang rama kanthi
kasumurupan ing wong Israel kabeh. [23] Ing
nalika samana pituduh kang diaturake dening
Akhitofel iku padha karo pitedah kang saka

Gusti Allah; kaya mangkono kanggepe
sakehing pirembuge Akhitofel, iya dening
Prabu Dawud iya dening Absalom.

Rembuge Akhitofel diwurungake dening rembuge Husai

17:1-14

17 1 Akhitofel munjuk marang Pangeran
Absalom: "Kawula mugi kalilana milih
tiyang kalih welas ewu, kawula nunten
badhe bidhal mbujeng Sang Prabu Dawud
ing dalu punika ugi. 2 Kawula badhe nempuh
panjenenganipun mumpung sayah saha
kendho semangatipun lajeng kawula damel
kaget; sadaya ingkang ndherek Sang Prabu
badhe sami keplajeng, saha kawula badhe
saged nyedani panjenenganipun piyambak.
3 Sarana makaten kawula badhe mangsulaken
sadaya tiyang katur ing panjenengan dalem
kados dene temanten estri mangsuli dhateng
semahipun. Dados ingkang panjenengan
dalem angkah nyawanipun tiyang satunggal,
murih sadaya tiyang manggiha wilujeng."
4 Rembug mangkono iku disarujuki dening
Pangeran Absalom lan para tuwa-tuwane
Israel.

5 Nanging Pangeran Absalom banjur
ngandika: "Husai wong Arki iku uga
timbalana, supaya aku padha krungu,
kang dadi rembuge." 6 Bareng Husai wus
sowan ing ngarsane Pangeran Absalom,
nuli dipangandikani mangkene: "Mangkene

rembuge Akhitofel; apa rembug iki kita anut?
Dene manawa ora, mara sira matura.” 7 Husai
banjur munjuk marang Pangeran Absalom:
“Rembag ingkang dipun aturaken Akhitofel
sapisan punika boten prayogi.” 8 Unjuke Husai
maneh: “Panjenengan dalem boten kekilapan,
bilih ingkang rama saha para balanipun punika
sami prawira, saha bilih sadayanipun sami
sakit manahipun, kados bruwang ingkang
kecalan anakipun wonten ing ara-ara. Punapa
malih ingkang rama punika prajurit sajatos,
balanipun boten dipun parengaken tilem.
9 Mesthinipun sapunika umpetan wonten ing
guwa utawi salah satunggalipun panggenan.
Manawi ing campuhipun perang kapisan
wonten tiyang sawatawis ingkang tiwas lan
tiyang mireng prakawis punika, temtu sami
cariyos: Bala kang melu Absalom wis padha
kalah. 10 Sanadyan tiyang ingkang gagah
prakosa saha ingkang manahipun kados
singa, temtu lajeng badhe nglokro babar
pisan, amargi sadaya bala Israel ngertos, bilih
ingkang rama punika satunggaling prawira lan
para bala ingkang ndherek panjenenganipun
punika sami gagah prakosa. 11 Pramila kula
ngaturi pirembag, supados sakathahing tiyang
wiwit saking Dhan dumugi ing Bersyeba sami
kakerigna, kados pasir ing pinggir seganten
kathahipun lan panjenengan piyambak ugi
kedah nyarirani perang. 12 Manawi kita sami
nempuh dhateng panjenenganipun wonten
ing salah satunggaling papan palerebanipun,
kita lajeng sami ngebyuk kados ebun ingkang

dhawah ing bumi, temah boten wonten
ingkang saged lolos, inggih panjenenganipun
inggih ingkang sami ndherekaken. 13 Lan
saupami panjenenganipun mundur mlebet
dhateng salah satunggaling kitha, sadaya bala
Israel badhe ningseti kitha punika lan saged
kita larak dumugi ing lepen, temah boten
wonten krikil satunggal kemawon ingkang
taksih pinanggih wonten ing ngriku malih.”
14 Pangeran Absalom banjur ngandika lan
sakehe wong Israel padha ngucap: “Pirembuge
Husai, wong Arki iku, luwih becik tinimbang
karo rembuge Akhitofel.” Amarga wus dadi
karsane Sang Yehuwah, manawa pirembuge
Akhitofel kang becik iku, diwurungake, supaya
nekakake bilai marang Pangeran Absalom.

Sang Prabu Dawud tindak menyang Mahanaim

17:15-29

15 Husai banjur kandha marang Imam
Zadhok lan Imam Abyatar: “Makaten-makaten
pirembagipun Akhitofel dhateng Pangeran
Absalom lan dhateng para sesepuhipun
bangsa Israel, nanging rembag kula
makaten-makaten. 16 Pramila, panjenengan
enggal-enggal ngaturana uninga dhateng
Sang Prabu Dawud, makaten: “Mangke
dalu, panjenengan dalem sampun ngantos
nyare wonten ing papan-papan pasabrangan
ingkang dhateng pasamunan, nanging enggal
karsaa nyabrang murih Sang Prabu saha

sadaya tiyang ingkang ndherekaken sampun
ngantos kauntal sadaya.” 17 Anadene Yonatan
lan Ahimaas ngenteni ana ing En-Rogel lan
saben-saben ana abdi wadon kang teka aweh
warta, iku banjur padha diaturake marang
Sang Prabu Dawud, mulane mangkono,
amarga aja nganti konangan, yen mlebu
kutha. 18 Nanging nalika iku ana jejaka kang
weruh, banjur ngaturi pirsa marang Pangeran
Absalom. Dadine wong loro iku age-age
lunga, lan bareng tekan ing omahe sawijining
wong ing Bahurim, kang duwe sumur ana
ing platarane, banjur padha nyemplung
ing sumur kono. 19 Wong wadon iku banjur
njupuk lurub, dijereng ing cangkeming sumur
mau lan disebari las-lasan gandum, temah
ora katon apa-apa. 20 Para abdine Pangeran
Absalom teka ing omahe wong wadon iku,
banjur takon: “Ahimaas lan Yonatan ana ing
ngendi?” Wangsulane wong wadon iku marang
wong-wong iku: “Tiyangipun sampun sami
nyabrang ing lepen punika.” Sarehne anggone
nggoleki ora ketemu, tumuli padha bali mulih
menyang Yerusalem.

21 Bareng wong-wong iku wus padha
lunga, wong loro mau mentas saka ing
sumur, banjur ngaturi uninga marang Sang
Prabu Dawud sarta munjuk: “Panjenengan
dalem kawula aturi tata-tata saha lajeng
enggal nyabrang ing lepen punika, margi
makaten-makaten pirembagipun Akhitofel
tumrap ing panjenengan dalem.”

[22] Sang Prabu dalah sapandhereke nuli
padha tata-tata lan nyabrang ing bengawan
Yarden. Nalika wayah byar esuk ora ana wong
siji-sijia kang kari kang ora nyabrang ing
bengawan Yarden. [23] Bareng Akhitofel weruh,
yen rembage ora diglape, banjur ngabah-abahi
kuldine lan mangkat mulih menyang omahe,
ing kuthane, nata kabutuhaning omahe,
wasana banjur mati gantung. Mangkono patine
Akhitofel, nuli dipetak ing kubure bapakne.
[24] Sang Prabu Dawud rawuh ing Mahanaim,
nalika Pangeran Absalom nyabrangi kali
Yarden, kadherekake sakehe wong Israel.
[25] Pangeran Absalom njunjung Amasa dadi
senapati, nggenteni Sang Yoab. Amasa iku
anake wong kang jeneng Yitra, wong Israel,
kang ngrabeni Abigal anake Nahas, sadulure
wadon Zeruya, ibune Yoab. [26] Wong Israel lan
Pangeran Absalom padha pacak baris ana ing
tanah Gilead.
[27] Bareng Sang Prabu Dawud rawuh ing
Mahanaim, Sobi bin Nahas saka ing Raba,
kuthane bani Amon, Makhir bin Amiel saka
ing Lodebar, lan Barzilai, wong Gilead saka
ing Rogelim, padha ngeteri kasur pasarean,
[28] bokor, wadhah-wadhah grabah, uga
gandum, sair, glepung, emping gandum,
kacang babi, kacang tholo lan kacang ruji,
[29] madu, kaniling powan, wedhus-wedhus, lan
keju sapi, kagem dhahar Sang Prabu Dawud
lan sapandhereke, amarga pangucape: “Wong
iku ana ing pasamunan mesthi padha sayah
lan luwe.”

Pangeran Absalom kasoran perange lan kasedanan

18:1-18

18 [1] Sang Prabu Dawud mriksa barisaning
wadyabala kang ndherek panjenengane,
banjur njunjung tetindhihing prajurit sewu
lan tetindhihing prajurit satus. [2] Sang Prabu
banjur ngabani wadyabala mangsah perang,
kang sapretelon dipanggedheni dening Sang
Yoab, kang sapretelon dening Sang Abisai bin
Zeruya, sadhereke Sang Yoab lan sapretelon
maneh kang dadi tetindhih Sang Itai, wong
ing Gat. Sang Prabu Dawud banjur ngandika
marang wong akeh: "Ingsun piyambak uga
bakal mangsah perang bareng klawan sira."
[3] Nanging unjuke wong akeh: "Panjenengan
dalem sampun ngantos mangsah perang,
amargi saupami kawula ngantos keplajeng,
tiyang-tiyang punika boten badhe mreduli
dhateng kawula sadaya, malah sanadyan sami
pejah ingkang sepalih, mesthi sami boten
mreduli dhateng kawula sadaya, nanging
gusti kawula punika aosipun sami kaliyan
panunggilan kawula sadasa ewu. Pramila
langkung sae, bilih gusti kawula siyaga
mbiyantu kawula saking kitha." [4] Sang Prabu
banjur ngandika marang wong akeh iku: "Apa
kang sira wawas becik, bakal sunlakoni." Sang
Prabu banjur jumeneng ana ing sandhing
gapura lan wadyabala kabeh padha metu
budhal pepanthan atusan lan ewon. [5] Lan Sang

Prabu paring dhawuh marang Sang Yoab,
Abisai lan Itai, pangandikane: “Pangrengkuhira
marang Absalom, wong anom iku, sing alus,
marga saka ingsun. “Lan wadyabala padha
krungu kabeh, nalika Sang Prabu paring
dhawuh marang para tetindhihing bala tumrap
Pangeran Absalom iku.
6 Wadyabala banjur mangkat menyang
ing ara-ara nempuh marang bala Israel
lan campuhing perang ana ing alas Efraim.
7 Bala Israel temah padha kasoran kagepuk
ing perang ana ing kono dening balane
Prabu Dawud lan ing dina iku wutahing getih
nggegirisi banget: wong kang tiwas rong puluh
ewu. 8 Campuhing perang ngambra-ambra
nyrambahi saindenging tlatah lan alas iku
nekakake pepati luwih akeh katimbang karo
kang mati kamangsa ing pedhang.
9 Dumadakan Pangeran Absalom kepregok
karo balane Sang Prabu Dawud. Anadene
Pangeran Absalom nitih bihal, nalika bihal
iku liwat ing sangisore bebuletaning pang wit
tarbantin kang gedhe, mustakane kecantol
ing wit ela iku, temah genteyongan ana ing
antarane langit lan bumi, mangka bihal kang
dititihi mbedhal terus. 10 Bareng kaweruhan
ing wong, dilapurake marang Senapati Yoab,
ature: “Kula sumerep Pangeran Absalom
genteyongan wonten ing wit ela.” 11 Senapati
Yoab banjur ngandika marang wong kang
ngaturi pirsa iku: “Apa? Yen kowe meruhi,
yagene ora kokbanting ing lemah ana ing
kono. Wis sapatute yen aku banjur ngganjar

kowe dhuwit sekel selaka sepuluh sekel
lan sabuk siji.” 12 Nanging wong mau matur
marang Senapati Yoab: “Sanadyan kula
kaganjara selaka sewu sekel, kula boten badhe
nggepok putranipun Sang Prabu, amargi kula
sami mireng piyambak, pangandikanipun
Sang Prabu dhateng panjenengan, Sang
Abisai lan Itai, dhawuhipun: Wong anom
Absalom iku ayomana marga saka ingsun.
13 Kosokwangsulipun, manawi kula ngantos
nyedani panjenenganipun, boten sande
prakawis punika kauningan dening Sang
Prabu sarta panjenengan temtu badhe
nebih kemawon.” 14 Nanging Senapati Yoab
ngandika: “Aku ora arep nyenyuwe ana ing
ngarepmu kaya mangkene.” Banjur mundhut
towok telu lan dijojohake ing jajane Pangeran
Absalom, nalika isih sugeng gumantung ana
ing satengahing epange wit ela mau. 15 Tumuli
ana balane Senapati Yoab wong sepuluh, kang
ngampil gegamane Sang Yoab, kang banjur
ngepung Pangeran Absalom. Sang Pangeran
digebagi lan disedani. 16 Senapati Yoab
banjur ngunekake kalasangka, dadine para
balane Sang Yoab padha mandheg anggone
ngoyak-oyak marang bala Israel, amarga
Senapati Yoab nyandet balane. 17 Banjur
padha ngudhunake layone Pangeran Absalom
lan dicemplungake ana ing luwangan kang
gedhe ing alas kono, nuli didegi tumpukan
watu kang gedhe banget. Sakehe bala Israel
mlayu nggendring mulih marang kemahe
sowang-sowangan. 18 Nalika isih sugeng

Pangeran Absalom wis ngadegake tugu kagem sarirane piyambak, kang tumeka saiki isih ana ing lebak Ratu, awit pangandikane: "Aku ora duwe anak lanang, kang nglestarekake pangeling-eling marang jenengku." Lan tugu iku dijenengake manut asmane piyambak, mulane tugu iku nganti saprene diarani: tugu pangeling-elinge marang Pangeran Absalom.

Pawarta bab sedane Pangeran Absalom diaturake marang Prabu Dawud

18:19-32

19 Ahimaas bin Zadhok banjur matur: "Kawula
mugi kalilana mlajeng ngunjuki pawartos
ingkang sae punika dhateng Sang Prabu, bilih
Sang Yehuwah sampun paring adil dhateng
Sang Prabu, inggih punika kaluwaran saking
tanganing mengsahipun." 20 Nanging Senapati
Yoab ngandika: "Ing dina iki aja kowe kang
nggawa pawarta, mung dina liyane kowe sing
nggawa pawarta, mung ing dina iki kowe
aja ngunjukake pawarta, manawa putrane
Sang Prabu seda." 21 Senapati Yoab banjur
ngandika marang sawijining wong Etiopia:
"Lungaa, ngaturna uninga marang Sang
Prabu, apa kang wis kokdeleng." Wong Etiopia
iku sujud nyembah marang Senapati Yoab,
banjur mangkat kanthi lumayu. 22 Ahimaas
bin Zadhok banjur matur marang Senapati
Yoab: "Punapa kemawon ingkang badhe
kelampahan, kula inggih kalilana mangkat
mlajeng, nusul tiyang Etiopia punika." Nanging

Senapati Yoab ngandika: "Yagene kowe
kok kadereng arep mangkat, ngger? Apa
kowe nggawa pawarta kang ana pituwase?"
23 Wangsulane: "Punapa kemawon ingkang
badhe kelampahan, kula badhe mlajeng
mangkat." Yoab banjur ngandika: "Yen
mangkono iya wis mlayua!" Ahimaas banjur
lumayu metu dalan kang saka Lebak Yarden,
temah tekane ndhisiki wong Etiopia iku.
24 Kacarita Sang Prabu Dawud lagi lenggah
ana ing antarane gapura loro, dene prajurit
jaga munggah ing payone gapura iku, ana
ing ndhuwur balowarti. Nalika prajurit iku
ngawasake, ndeleng wong teka mlayu-mlayu
ijen bae, 25 nuli nguwuh-uwuh, ngaturi uninga
marang Sang Prabu, banjur dipangandikani:
"Yen tekane ijen bae, mesthi nggawa pawarta
becik." Nalika wong mau sangsaya nyedhak,
26 prajurit iku weruh wong liyane, banjur
nguwuh-uwuh aweh weruh marang kang jaga
gapura: "Lah punika wonten tiyang malih
ingkang mlajeng piyambakan kemawon." Sang
Prabu banjur ngandika: "Iku mesthi nggawa
pawarta becik." 27 Sawuse iku pecalang
munjuk: "Tiyang ingkang dhateng rumiyin
punika caranipun mlajeng kados caranipun
Ahimaas bin Zadhok." Pangandikane Sang
Prabu: "Iku wong becik, tekane mesthi
nggawa pawarta becik." 28 Ahimaas banjur
nguwuh-uwuh, unjuke marang Sang Prabu:
"Sugeng!" Banjur sujud nyembah marang
Sang Prabu, raine konjem ing bumi sarta
munjuk: "Pinujia Sang Yehuwah, Gusti Allah

dalem ingkang sampun masrahaken para
tiyang ingkang sami ngagagaken tanganipun
dhumateng gusti kawula Sang Prabu.” 29 Sang
Prabu banjur ndangu: “Absalom, bocah anom
iku apa slamet?” Atur wangsulane Ahimaas:
“Kala wau kawula ningali kawontenan ingkang
rame sanget, nalika Sang Yoab ndhawuhi
kawula mangkat sowan dhateng ngarsa dalem,
nanging abdi dalem boten mangretos punika
punapa.” 30 Sang Prabu banjur ngandika:
“Sumingkira menyang ing sandhingingsun,
ngadega ing kene.” Banjur sumingkir nisih lan
ngadeg terus. 31 Wong Etiopia teka, banjur
munjuk mengkene: “Dhuh gusti kawula
Sang Prabu, angsal pawartos sae, amargi
Sang Yehuwah sampun paring adil dhateng
panjenengan dalem ing dinten punika,
dene sampun ngluwari gusti kawula saking
tanganipun sadaya tiyang ingkang nglawan
dhateng gusti kawula.” 32 Nanging Sang Prabu
ndangu marang wong Etiopia iku: “Absalom
wong anom iku apa slamet?” Atur wangsulane
wong Etiopia iku: “Mugi mengsahipun gusti
kawula Sang Prabu sami dadosa kados sang
anem punika saha sakathahipun tiyang
ingkang sami nglawan dhateng gusti kawula
sumedya tumindak awon.”

Sang Prabu Dawud nandhang prihatos

18:33--19:8

33 Sang Prabu temah kaget lan sungkawa
banget, nuli minggah menyang lotenging

gapura, sarta banjur muwun. Sajrone tindak
pangandikane mangkene: “Adhuh anakku
engger Absalom, ngger, anakku Absalom!
Bok luwung aku bae kang mati dadia lirumu.
Adhuh Absalom, anakku, anakku!”

19 1 Nuli Senapati Yoab diaturi pirsa:
“Kauningana, Sang Prabu muwun lan
nandhang sungkawa margi saking Pangeran
Absalom.” 2 Nalika samana kaunggulan banjur
dadi kaprihatinan tumrap para wadyabala,
amarga ing dina iku wadyabala padha krungu
kandhaning wong: “Sang Prabu nandhang
sungkawa marga saka ingkang putra.”
3 Mulane lumebune wadyabala menyang kutha
ing dina iku tanpa swara, kaya dene bala
kang kawirangan, samangsa bali mulih mung
meneng-menengan bae amarga keplayu saka
ing paprangan.

4 Sang Prabu nutupi wedanane, klawan
swara sora Sang Prabu asambat-sambat:
“Adhuh anakku, engger Absalom, Absalom
anakku, anakku!” 5 Sang Senapati Yoab
banjur seba marang ngarsane Sang Prabu
sarta matur: “Ing dinten punika panjenengan
dalem damel wirangipun sadaya abdi dalem
ingkang sampun mitulungi nyawa dalem saha
nyawanipun para putra dalem kakung-putri
sarta para garwa padmi tuwin ampeyan
dalem, 6 inggih punika anggen panjenengan
dalem ngasihi tiyang ingkang sengit dhateng
panjenengan dalem lan nggethingi para
tiyang ingkang nresnani panjenengan dalem.
Amargi ing dinten punika panjenengan dalem

nelakaken, bilih para senapati lan para
wadyabala sami boten wonten aosipun wonten
ing ngarsa dalem. Malah kawula mangretos,
bilih saupami Absalom taksih gesang, kawula
sadaya sami nemahi pejah ing dinten punika,
temtu ingkang makaten punika panjenengan
dalem anggep sae. 7 Pramila, panjenengan
dalem kawula aturi jumeneng saha miyos
maringi pangandika, supados manahipun
para tiyang sami lega. Kawula supaos
demi asmanipun Sang Yehuwah, saupami
panjenengan dalem boten miyos, boten
wonten tiyang satunggal-tunggala ingkang
ndherek panjenengan dalem ing dalu punika;
mangka prakawis punika ateges langkung
mbebayani katimbang kaliyan sakathahipun
bebaya ingkang panjenengan dalem alami
wiwit timur dalem ngantos dumugi sapunika.”
8 Sang Prabu banjur jumeneng ana ing gapura.
Wong-wong banjur padha kawartanan kabeh
mangkene: “Lah Sang Prabu lenggah ana
ing gapura.” Wong kabeh banjur padha
seba marang ngarsane Sang Prabu. Dene
wong Israel wis padha lumayu, padha mulih
menyang pakemahane sowang-sowangan.

Gagasan ngaturi kondur Sang Prabu Dawud

19:9-14

9 Sakehe wong taler-taler Israel kabeh padha
tutuh-tinutuh tembunge: “Sang Prabu Dawud
wis ngluwari kita saka mungsuh kita apadene

kang nguwalake kita saka tangane wong
Filisti, mangka saiki kengser saka ing nagara
marga saka Pangeran Absalom. 10 Nanging
Pangeran Absalom kang wus kita jebadi,
supaya ngereh kita, nemahi seda ana ing
paprangan. Lah saiki yagene kowe padha
meneng bae lan ora ngaturi kondur Sang
Prabu?” 11 Sang Prabu wis utusan wong marani
Imam Zadhok lan Imam Abyatar sarta padha
kaweling: “Rembugana karo para tuwa-tuwane
Yehuda mangkene: Yagene kowe malah kang
kari dhewe anggonmu ngaturi kondur Sang
Prabu menyang kratone?” Amarga rembuge
wong Israel kabeh wis kapiyarsa dening Sang
Prabu. 12 “Kowe iku rak sadulurku, kowe iku
rak kulit-dagingku, yagene kok kowe kang
kari dhewe anggonmu ngaturi Sang Prabu
kondur menyang kratone? 13 Lan Amasa wajib
kokpituturi: Kowe iku rak kulit-dagingku? Muga
Gusti Allah ndhawahna paukuman marang
aku mangkene lan muwuhana mangkono,
manawa kowe ora lestari dadi senapati
nggenteni Yoab.” 14 Mangkono anggone Sang
Prabu Dawud mulihake atine sakehe wong
Yehuda bareng sakala, temah banjur padha
ngunjukake panyuwun marang Sang Prabu:
“Panjenengan dalem mugi karsaa kondur
saabdi dalem sadaya!”

Sang Prabu bidhal kondur. Simei methukake Sang Prabu

19:15-23

15 Sang Prabu banjur bidhal kondur lan
rawuh ing pinggire bengawan Yarden. Ing
nalika samana wong Yehuda wis padha tekan
ing Gilgal arep methukake rawuhe Sang
Prabu Dawud lan ndherekake nyabrang ing
bengawan Yarden.
16 Simei bin Gera wong
Benyamin saka ing Bahurim iya age-age teka
kanthi para wong Yehuda methukake rawuhe
Sang Prabu Dawud.
17 Uga ana wong sewu
saka tlatah Benyamin kang mbarengi lakune.
Lan Ziba abdine kulawargane Prabu Saul
dalah anake lanang limalas sarta abdine rong
puluh padha gupuh-gupuh ndhingini rawuhe
Sang Prabu menyang kali Yarden.
18 Banjur
nyabrang saka pasabrangan arep nyabrangake
garwa-putrane Sang Prabu sarta nindakake
apa kang dianggep prayoga. Simei bin Gera
sumungkem ana ing ngarsane Sang Prabu,
nalika Sang Prabu ndungkap nyabrang ing kali
Yarden,
19 lan munjuk marang Sang Prabu:
"Gusti kawula mugi sampun ngantos tetep
nganggep kawula punika lepat saha sampun
ngantos ngengeti dhateng pratingkahipun
abdi dalem ingkang lepat, nalika panjenengan
dalem jengkar saking Yerusalem; sampun
ngantos panjenengan dalem nggalih dhateng
prakawis punika malih.
20 Abdi dalem saestu
rumaos, bilih abdi dalem sampun damel

dosa lan mugi panjenengan dalem pirsani,
ing dinten punika kawula ingkang rumiyin
piyambak saking sakathahipun trah Yusup
ingkang methukaken rawuhipun gusti kawula
Sang Prabu."
21 Sang Abisai bin Zeruya banjur nyelani,
ature: "Punapa Simei boten kedah kaukum
pejah, amargi rumiyin ngipat-ipati ingkang
jinebadan dening Sang Yehuwah?"
22 Nanging
Sang Prabu Dawud ngandika: "Sira melu-melu
apa he anake Zeruya, kok ing dina iki sira
nglawan marang ingsun? Apa ing dina iku
nganti ana wong kang dipateni ing Israel?
Apa kokkira ingsun ora pirsa, yen ing dina
iki ingsun dadi ratu maneh ngereh bangsa
Israel?"
23 Sang Prabu banjur ngandika marang
Simei: "Sira ora bakal mati!" Sang Prabu
banjur supaos ana ing ngarepe.

Sang Mefiboset methukake Sang Prabu Dawud

19:24-30

24 Sang Mefiboset bin Saul methukake
Sang Prabu Dawud, ora wijikan sampeyane,
ora diopeni jenggote lan ora dikumbah
pangagemane wiwit Sang Prabu jengkar
nganti tumeka kondure kanthi slamet.
25 Nalika
panjenengane methukake Sang Prabu didangu
dening Sang Prabu: "Yagene sira ora lunga
ndherekake lakuningsun, Mefiboset?"
26 Atur
wangsulane: "Nuwun inggih, gusti kawula
Sang Prabu, kawula dipun apusi rencang

kawula. Awitdene rencangipun abdi dalem
kawula cariyosi makaten: Ngabah-abahana
kuldi arep daktunggangi ndherek tindake
Sang Prabu, ujer abdi dalem punika pincang.
27 Rencang kawula punika nyidrani abdi
dalem ing bab gusti kawula Sang Prabu.
Nanging gusti kawula Sang Prabu punika
prasasat kados malaekatipun Gusti Allah;
pramila panjenengan dalem kawula aturi
nindakaken punapa ingkang panjenengan
dalem galih prayogi.
28 Sanadyan sakathahing
kulawarganipun abdi dalem punika ingkang
pancenipun pantes kaukum pejah dening gusti
kawula Sang Prabu, ewadene panjenengan
dalem sampun njunjung abdi dalem
kagolongaken tiyang ingkang sami tampi
cadhong rejeki saking kraton dalem. Punapa
ta wewenang kawula, dene taksih purun
nyuwun punapa-punapa dhateng Sang Prabu?”
29 Nanging Sang Prabu ngandika: “Apa perlune
sira matur bab kaananira maneh? Ingsun
wus paring katetepan: Sira lan Ziba ngeduma
palemahan iku.”
30 Mefiboset banjur matur
marang Sang Prabu: “Kajengipun dipun
pendhet sadaya, amargi gusti kawula Sang
Prabu sampun kondur dhateng kedhaton
kanthi raharja.”

Barzilai melu ndherek tindake Sang Prabu

19:31-39

31 Barzilai wong ing Gilead, uga wus teka
saka Rogelim lan melu ndherekake tindake

Sang Prabu menyang bengawan Yarden, lan
ngiringake tekan ing kana. 32 Barzilai iku wis
tuwa banget, umure wis wolung puluh taun.
Wong iku kang nyukupi dhahare Sang Prabu
sasuwene ana ing Mahanaim, ujer iku sugih
banget. 33 Pangandikane Sang Prabu marang
Barzilai: "Sira ndhereka ingsun, mesthi bakal
sunopeni ana ing kratoningsun ing Yerusalem."
34 Nanging Barzilai munjuk: "Taksih pinten
taun malih anggen kawula gesang, kawula
kok kadhawuhan ndherek panjenengan dalem
dhateng Yerusalem. 35 Sapunika kawula
sampun umur wolung dasa taun, punapa
kawula taksih saged mbedakaken prakawis
ingkang sae utawi awon? Punapa kawula
taksih saged ngraosaken punapa-punapa
ingkang kawula tedha utawi kawula ombe?
Punapa kawula taksih saged ngemataken
larasing pangidunganipun para pasindhen
jaler lan estri? Punapa perlunipun abdi dalem
punika taksih dados tanggelanipun gusti
kawula Sang Prabu? 36 Abdi dalem punika
namung saged ndherekaken sakedhap dumugi
ing benawi Yarden. Kenging punapa Sang
Prabu paring ganjaran ingkang semanten
agengipun dhateng kawula? 37 Kaparenga
abdi dalem mantuk, supados kawula saged
tilar wonten ing kitha kawula piyambak, celak
kaliyan kuburipun bapa miwah biyung kawula.
Nanging lah punika abdi dalem Kimham,
ingkang saged ndherekaken gusti kawula Sang
Prabu, saha kadamela ing sakeparenging karsa
dalem." 38 Sang Prabu nuli ngandika: "Iya

becik, Kimham bae ndhereka ingsun, ingsun
bakal nandukake apa kang kokkarepake lan
sakehing panyuwunira bakal sunsembadani.”
39 Sawuse mangkono wong akeh padha
nyabrang ing bengawan Yarden; Sang Prabu
nuli pamitan marang Barzilai kanthi diaras lan
uga banjur nyabrang. Wong iku banjur mulih
menyang ing papan padunungane.

Padudone wong Israel lan wong Yehuda bab Sang Prabu

19:40-43

40 Sawuse iku Sang Prabu terus tindak
menyang ing Gilgal lan Kimham ndherekake.
Sakehe wong Yehuda lan saparone taler Israel
padha ndherekake Sang Prabu: 41 Nanging
sakehe wong Israel padha seba lan munjuk
marang Sang Prabu: “Kenging punapa dene
para sadherek kawula para tiyang Yehuda
punika kok sami mboyong Sang Prabu
kanthi sidheman saha nyabrangaken ing
benawi Yarden sagarwa putra tuwin sadaya
abdinipun Sang Prabu Dawud ingkang sami
ndherekaken?” 42 Wong Yehuda kabeh banjur
padha mangsuli marang wong Israel: “Amarga
Sang Prabu iku sadulurku. Kena apa kowe
kok padha nepsu marga saka prakara iki?
Apa aku padha mangan apa-apa kanthi
wragat saka Sang Prabu? Apa aku padha
oleh kauntungan?” 43 Nanging wong Israel
padha mangsuli marang wong Yehuda: “Aku
padha duwe wewenang tikel sapuluh mungguh

Sang Prabu. Sarehne aku anak mbarep, dadi ngluwihi kowe. Kena apa kowe padha ngremehake aku kabeh? Apa dudu aku kang wajib dhisik dhewe mboyong kondur marang Sang Prabu?" Nanging tembunge wong Yehuda luwih landhep katimbang tembunge wong Israel.

Pambalelane Seba

20:1-22

20 1 Nalika semana ing kono pinuju ana
wong dursila, jenenge Seba bin Bikri, wong Benyamin, iku ngunekake kalasangka sarta ngucap:

"Kita ora duwe panduman saka Dawud.
Kita ora duwe warisan tumrap anake Isai.
He wong Israel, payo padha mulih menyang
kemah kita dhewe-dhewe!"

2 Sakehe wong Israel banjur padha ninggal
Prabu Dawud lan ngetutburi Seba bin Bikri, dene wong Yehuda tetep setya marang ratune, padha ndherekake tindake wiwit saka bengawan Yarden nganti tekan ing Yerusalem.
3 Sarawuhe Sang Prabu Dawud ing Yerusalem,
banjur nimbali garwa ampeyan sepuluh, kang ditilar ngreksa kraton, nuli dilebetake ing sawijining omah tutupan; Sang Prabu ngingoni para wong wadon iku nanging ora dirawuhi. Padha dikebonake kaya randha nganti sapatine.
4 Sang Prabu Dawud ngandika marang
Sang Amasa: "Para wong Yehuda kerigna

sajrone telung dina, sawise sowana mrene
maneh!” 5 Sang Amasa banjur mangkat
ngumpulake wong Yehuda, nanging
kuwajibane diendhe-endhe nganti kliwat
wektune kang katemtokake dening Sang
Prabu. 6 Sang Prabu Dawud banjur ngandika
marang Sang Abisai: “Ing wektu iki Seba
bin Bikri iku tumrap kita luwih mbebayani
katimbang karo Absalom, mulane sira bae
ngirida balane gustinira, lan wong iku burunen
aja nganti mlebu ing kutha beteng temahan
mrucut saka ing tangan kita.” 7 Sang Yoab,
wong Kreti, wong Pleti lan sakehe para prawira
padha budhal nututi. Padha metu Yerusalem
nedya ngoyak Seba bin Bikri.
8 Bareng tekan ing sacedhake watu gedhe
ing Gibeon, Sang Amasa wus ndhisiki ana
ing kono. Dene Sang Yoab asikep praboting
perang sarta sabukan, kalawan nyengkelit
pedhang ing bangkekane. Nalika jumangkah
maju, pedhange konus lan runtuh. 9 Sang Yoab
ngandika marang Sang Amasa: “Sampeyan
wilujeng, sadherek!” sarta nyekel janggute
klawan tangane tengen jenggote Sang Amasa
arep ngaras. 10 Sang Amasa ora nglegewa
mungguh pedhange kang ana astane Sang
Yoab, Sang Yoab nyudukake pedhang iku
ing padharane, temah jerohane wutah ing
bumi. Anggone nyuduk ora susah mindho,
amarga wis tumeka ing pati. Sang Yoab karo
Sang Abisai sadhereke terus ngoyak Seba bin
Bikri. 11 Lan ana sawijining balane Sang Yoab
ngadeg sacedhake mayit iku sarta ngucap:

“Sapa kang rumaket marang Sang Yoab lan
milih Sang Prabu Dawud, enggal nututana
Sang Yoab.” 12 Ing wektu iku Sang Amasa
gumlethak akuthah getih ana ing tengah dalan
gedhe. Bareng wong iku weruh, yen sakehing
wong padha nonton, mayite Amasa banjur
disingkirake saka ing dalan gedhe menyang
ing ara-ara, dilurubi jubah, amarga weruh, yen
saben wong kang teka mrono padha mandheg
nonton. 13 Sawuse mayite disingkirake saka ing
dalan gedhe, wong kabeh padha mlaku terus
ngetutake Sang Yoab ngoyak-oyak Seba bin
Bikri. 14 Seba wus ngliwati dhaerahe sakehe
taler Israel ngener menyang Abel-Bet-Maakha.
Lan kabeh balane wong Bikri wus nglumpuk
lan ngetutake dheweke. 15 Nanging balane
Sang Yoab wus tekan ing kono lan banjur
ngepung dheweke ana ing Abel-Bet-Maakha,
nuli padha ngundhug-undhug lemah kanggo
tameng ing ngarepe kutha, nganti mepet
tekan ing balowarti njaba, dene sakehe wong
kang ndherek Sang Yoab padha njugangi
balowartine kutha iku murih jugruge.
16 Banjur ana sawijining wong wadon saka
ing kutha kono kang limpad ing budi, kang
nguwuh-uwuh: “Ngrungokna ta! Ngrungokna
ta! Matura marang Sang Yoab: Kula aturi
nyelak mriki, supados kula saged matur
dhateng panjenengan.” 17 Sang Yoab nuli
nyedhaki wong wadon mau. Wong wadon mau
banjur matur pitakon: “Punapa panjenengan
Sang Yoab?” Wangsulane: “Iya aku iki
Yoab.” Wong wadon mau banjur matur:

“Mugi miyarsakna aturipun ingkang abdi.”
Wangsulane: “Iya.” 18 Wong wadon iku
nuli matur: “Kala rumiyin kalimrah tiyang
wicanten makaten: Becike wong neneges
ana ing Abel lan ing Dhan: punapa punika
sampun kasuwak punapa ingkang sampun
katetepaken dening tiyang-tiyang ingkang
setya ing Israel? 19 Nanging panjenengan
punika kok badhe ngrisak satunggaling
kitha, mangka punika kitha babon ing Israel.
Kenging punapa panjenengan kok badhe
ngrisak tanah pusakanipun Sang Yehuwah?”
20 Sang Yoab banjur mangsuli: “Muga aku
kaedohna saka ing pangarah ngrebut lan
ngrusak! 21 Nalare ora mangkono. Nanging
ana sawijining wong kang aran Seba bin
Bikri kang wus ngangkat tangane mbalela
marang Sang Prabu Dawud. Ulungna wong
siji iku marang tanganku, aku bakal mundur
saka ing kutha kene.” Wong wadon mau
banjur matur marang Sang Yoab: “Prayogi,
sirahipun badhe kula uncalaken wonten ing
ngarsa panjenengan saking ing sawingkinging
balowarti punika.” 22 Wong wadon iku banjur
mlebu rembugan karo wong sakutha kabeh
kanthi kawicaksanan. Sawuse iku wong ing
kutha kono banjur padha nigas sirahe Seba bin
Bikri lan diuncalake marang Sang Yoab. Sang
Yoab banjur ngungelake kalasangka, sabalane
kabeh padha bubar ninggal kutha iku, mulih
menyang padunungane sowang-sowangan.
Sang Yoab banjur bali menyang Yerusalem
seba marang ing ngarsane Sang Prabu Dawud.

Para punggawane Sang Prabu Dawud

20:23-26

2Sa 8:15-18 1Bb 18:14-17

23 Anadene Sang Yoab didadekake Senapatine
sakehing wadyabala Israel, lan Sang Benaya
bin Yoyadha dadi tetindhihe wong Kreti lan
wong Pleti. 24 Sang Adoram dadi wadanane
wong nyangga karya, lan Yosafat bin Ahilud
dadi kang rumeksa bandha, 25 Sang Seya
dadi panitra-nagara; Sang Zadhok lan Sang
Abyatar jumeneng imam. 26 Sang Ira wong
Yair iya dadi imame Sang Prabu Dawud.

Wong Gibeon karo kulawargane Sang Prabu Saul

21:1-14

21 1 Nalika jumenenge Sang Prabu Dawud
kelakon ana mangsa paceklik lawase
telung taun muput. Sang Prabu Dawud banjur
nyuwun pitedah marang Sang Yehuwah.
Pangandikane Sang Yehuwah: “Saul lan
kulawargane padha utang getih, amarga
mateni wong-wong Gibeon.” 2 Sang Prabu
banjur nimbali wong-wong Gibeon sarta
dipangandikani: -- wong Gibeon iku ora
padha kagolong bangsa Israel, nanging klebu
kekarene bangsa Amori, mangka wong Israel
wus padha prajanji klawan supata, ewadene
Sang Prabu Saul marga saka mempenge
anggone tumundak kanggo wong Israel lan

wong Yehuda banjur ngudi sirnane wong-wong
mau. -- 3 Sang Prabu nuli ndangu marang
wong-wong Gibeon iku: “Apa kang bisa
suntindakake tumrap sira lan apa kang
minangka tebusane, supaya sira banjur
mberkahi marang umat kagungane Sang
Yehuwah?” 4 Wong Gibeon nuli padha matur
marang Sang Prabu Dawud: “Prakawis kawula
punika boten bab emas utawi selaka kaliyan
Sang Prabu Saul saha kulawarganipun punika,
saha ugi sanes bab mejahi salah satunggalipun
tiyang Israel.” Nanging pangandikane Sang
Prabu Dawud: “Lah apa kang sira suwun
supaya suntindakake tumrap sira?” 5 Sawuse
iku wong mau padha matur marang Sang
Prabu: “Tiyang ingkang sumedya sami
ngrisak kawula saha ngarah tumpes kawula,
ngantos kawula sami boten angsal papan
wonten ing pundi-pundi wonten ing tanah
Israel, 6 mugi kaparingana dhateng kawula:
turunipun pitu, badhe kawula gantung wonten
ing ngarsanipun Sang Yehuwah wonten ing
Gibeon, ing paredenipun Sang Yehuwah.”
Tumuli pangandikane Sang Prabu: “Iya,
ingsun bakal maringake wong iku.” 7 Nanging
Sang Prabu ngowel marang Mefiboset bin
Yonatan bin Saul, amarga saka supaose demi
Sang Yehuwah antarane Prabu Dawud karo
Pangeran Yonatan bin Saul. 8 Sang Prabu
banjur mundhut wong lanang loro, anake
Rispa, anake wadon Aya, kang patutan karo
Prabu Saul, yaiku Armoni lan Mefiboset,
sarta wong lima putrane kakung Sang Putri

Merab, putrane putri Sang Prabu Saul, kang
patutan karo Adriel bin Barzilai, wong ing
Mehola; 9 banjur padha dipasrahake marang
tangane wong Gibeon. Wong iku banjur
padha digantung dening wong Gibeon ana ing
pagunungan ana ing ngarsane Sang Yehuwah.
Wong pepitu iku padha mati bareng. Wong iku
anggone padha kaukum pati nalika wiwitane
mangsa panen, iya wiwitane mangsa panen
sair. 10 Rispa, anake wadon Aya, banjur njupuk
bagor, dijereng ana ing ngarepe ana ing
dhuwur gunung parang, wiwit mangsa panen
nganti tumeka tibane udan nelesi mayit-mayit
iku. Ora oleh diparani manuk-manuk ing
awang-awang ing wayah awan, utawa sato
kewan ing alas ing wayah bengi. 11 Bareng
Sang Prabu mirsa apa kang ditindakake
dening Rispa, anake wadon Aya, garwane
ampeyan Sang Prabu Saul, 12 Sang Prabu
Dawud banjur tindak mundhut balung-balunge
Sang Prabu Saul lan Pangeran Yonatan, kang
putra, saka wong Yabesy-Gilead, kang padha
nyolong balung-balung iku saka ing ara-ara
ing Bet-San, ing panggonane anggone padha
digantung dening wong Filisti, nalika wong
Filisti padha ngasorake perange Prabu Saul
ana ing Gilboa. 13 Panjenengane ngusungi
balung-balunge Prabu Saul lan Pangeran
Yonatan, kang putra. Balung-balunge wong-
wong kang padha digantung mau iya padha
dikumpulake, 14 banjur dipetak bareng karo
balung-balunge Sang Prabu Saul lan Pangeran
Yonatan kang putra ana ing tanah Benyamin,

ing Zela, ing pasareane Sang Kisy, kang rama. Wong padha nindakake sakehe dhawuhe Sang Prabu Dawud; dene sawuse iku Gusti Allah nyembadani pandonga tumrap nagara iku.

Perang nglawan wong Filisti

21:15-22

1Bb 20:4-8

15 Nalika kelakon ana perang maneh antarane
wong Filisti lan wong Israel, Sang Prabu Dawud
kadherekake wadyabalane, banjur perang
nglawan wong Filisti, nganti Sang Prabu
Dawud sayah banget. 16 Yisbi-Benob, kang
kagolong turune wong kang ngedab-edabi
gedhe dhuwure -- boboting tumbake telung
atus sekel tembaga lan nyengkelit pedhang
kang anyar -- ngira bisa nyedani Prabu
Dawud. 17 Nanging Sang Abisai bin Zeruya
banjur mbiyantu Sang Prabu Dawud, nuli
ngebrukake lan mateni wong Filisti iku. Ing
wektu iku wadyabalane Prabu Dawud nyuwun
kalawan banget marang panjenengane,
unjuke: “Panjenengan dalem sampun ngantos
nyarirani perang sesarengan kaliyan kawula,
supados turunipun Israel sampun ngantos
tumpes sareng kaliyan panjenengan dalem.”
18 Sawuse iku kelakon ana perang maneh
nglawan bala Filisti ana ing Gob; ing nalika
samana Sibkhai wong ing Husa, ngasorake
Saf, kang kagolong turune wong kang gedhe
dhuwur ngeram-eramake.

19 Banjur ana perang maneh nglawan bala
Filisti ana ing Gob; Elhanan bin Yaare-Oregim,
wong ing Betlehem, ngalahake Goliat, wong
ing Gat, kang landheyaning tumbake kaya
guluning abah-abah tenunan.
20 Nuli ana perang maneh ing Gat; ing kono
ana wong kang dhuwur dedege, drijining
tangane lan sikile nenem: gunggunge cacah
patlikur; wong iku uga kagolong turune wong
kang ngedab-edabi gedhe dhuwure. 21 Wong
iku nyampahi bangsa Israel; iku nuli dipateni
dening Yonatan bin Simea, kang raka Sang
Prabu Dawud.
22 Wong papat iku kagolong turune wong
kang gedhe dhuwur ing Gat, iku padha tiwas
dening astane Sang Prabu Dawud lan tangane
para balane.

Kidung pamuji-sokure Sang Prabu Dawud

22:1-51

22 1 Sang Prabu Dawud ngunjukake kidung
pamuji sokur iki marang Sang Yehuwah,
nalika Sang Yehuwah wus ngluwari Prabu
Dawud saka tangane sakehing mungsuhe lan
saka astane Sang Prabu Saul. 2 Unjuke:
"Dhuh Sang Yehuwah, peparang kawula,
beteng pangungsen lan pamarta kawula.
3 Gusti Allah kawula, peparang kawula,
pangauban kawula, tameng kawula,
singating karahayon kawula, kitha
beteng kawula,

papan pangungsen kawula, pamarta
kawula;
Paduka ingkang ngluwari kawula
saking panganiaya.
4 Kawula nguwuh: Pinujia Sang Yehuwah!
Awit aku wus luwar saka tanganing
mungsuhku.
5 Lah, aluning antaka wus ngepung aku,
banjiring pepati wus nyempyok aku;
6 kendharating jagade wong mati wus
nggubed aku,
kalajireting pati wus pinasang ana ing
ngarepku.
7 Nalika aku nandhang karibedan, aku
sesambat marang Sang Yehuwah,
marang Gusti Allahku anggonku sesambat.
Lan Panjenengane miyarsakake swaraku
saka ing padalemane,
pasambatku nyuwun pitulung tumama ing
talingane.
8 Bumi banjur horeg gonjang-ganjing,
dhasaring langit geter
lan horeg marga saka mulad-mulading
bebendune.
9 Kukus kumelun saka ing granane,
geni melet-melet saka ing tutuke,
mawa mengangah metu saka
Panjenengane.
10 Panjenengane mentiyungake langit, banjur
tumedhak,
petenging mendhung ana ing sangisoring
padane.
11 Panjenengane nitih kerub, banjur mesat,

lan katon ana ing swiwining angin.
12 Lan panjenengane damel pepeteng
sakubenge dadi pakuwone,
banyu udan kang peteng, mendhung kang
kandel.
13 Marga cahyaning kilat ing ngarsane
mawa dadi mengangah.
14 Sang Yehuwah ndhatengake gludhug saka
ing angkasa,
Kang Mahaluhur ngulukake swarane.
15 Panah-panah padha linepasake, temah
padha pating blesar,
yaiku kilat thathit, temah padha buyar
kabeh.
16 Dhasar-dhasaring samodra banjur padha
katon,
tales-talesing jagad padha kaungkaban,
marga dukane Sang Yehuwah
lan sumiyuting napas saka granane.
17 Panjenengane mulungake astane saka ing
ngaluhur,
nyandhak aku lan ngentasake aku saka ing
banjir.
18 Panjenengane ngluwari aku saka tangane
mungsuhku kang prakosa,
saka wong kang padha sengit marang aku,
amarga karosane ngungkuli aku.
19 Padha nyegat aku ing dinaku kang siyal,
nanging Sang Yehuwah dadi lendhehanku.
20 Panjenengane ngentasake aku menyang
ing papan kang omber,
Panjenengane ngluwari aku, amarga
karenan marang aku.

21 Sang Yehuwah nandukake marang aku apa
kang laras karo kabeneranku,
Panjenengane males marang aku timbang
karo karesikaning tanganku.
22 Amarga aku ngantepi anggonku lumaku
ing margine Sang Yehuwah,
lan ora nyingkur Allahku kaya dene wong
duraka.
23 Amarga aku nggatekake sakehing
angger-anggere,
lan ora nyleweng saka ing katetepane.
24 Tindak-tandukku aja nganti cacad ana ing
ngarsane,
lan dakwekani aja nganti aku tumindak
luput.
25 Amarga Sang Yehuwah males marang aku
miturut kabeneranku,
lan karesikanku ana ing tingale.
26 Tumrap tiyang setya, Paduka tumindak
setya,
tumrap tiyang ingkang tanpa cacad,
Paduka tumindak tanpa cacad,
27 tumrap tiyang ingkang suci Paduka
tumindak suci,
nanging tumrap tiyang ingkang nyleweng
Paduka tumindak mbulat-mbulet.
28 Bangsa ingkang tinindhes Paduka
pitulungi,
nanging tingal paduka nglawan
tiyang-tiyang angkuh,
badhe Paduka soraken.
29 Amargi Paduka punika damar kawula,
dhuh Sang Yehuwah,

lan Sang Yehuwah madhangaken pepeteng
kawula.
30 Wonten ing patunggilan Paduka kawula
wantun mapagaken grombolan,
tuwin manawi kaliyan Gusti Allah kawula,
kawula wantun nglumpati balowarti.
31 Anadene Gusti Allah iku margine
sampurna,
sabdane Sang Yehuwah iku murni,
Panjenengane iku dadi tameng tumrap
sakehing wong,
kang ngaub marang Panjenengane.
32 Ujer sapa ta kang jumeneng Allah aliya
Sang Yehuwah,
lan sapa ta kang dadi peparang kajaba
Gusti Allah kita?
33 Mung Gusti Allah piyambak kang dadi
pangungsenku kang santosa,
lan ngrata dalanku;
34 kang ndadekake sikilku prasasat sikil
menjangan,
lan ngadegake aku ana ing gunung;
35 kang mulang tanganku ulah perang,
temah tanganku bisa menthang gandhewa
tembaga.
36 Kawula ugi Paduka paringi tamenging
karahayon kawula,
lan sihkadarman Paduka sampun
ngagungaken kawula.
37 Paduka paring papan omber tumrap
jangkah kawula,
lan polok kawula boten keklok.

38 Mengsah kawula, kawula oyak-oyak lajeng
kawula tumpes,
lan boten wangsul-wangsul saderengipun
sami kawula sirnakaken;
39 kawula sirnakaken lan kawula ejur, temah
boten tangi malih,
lan sami ambruk wonten ing
sangandhaping suku kawula.
40 Paduka sampun ningseti lambung kawula
kanthi karosan tumrap ing perang.
Tiyang-tiyang ingkang gumregah nglawan
kawula,
Paduka telukaken ing sangandhaping
panguwaos kawula.
41 Mengsah kawula Paduka dadosaken
keplajeng saking kawula,
tiyang ingkang nyengiti kawula, sami
kawula tumpes.
42 Sami sambat-sambat nedha pitulungan,
nanging boten wonten ingkang
mitulungi,
sami ngadhuh-adhuh dhumateng Sang
Yehuwah,
nanging boten kaparingan wangsulan.
43 Sami kawula giles ngantos kados lebuning
siti,
kawula gecak lan kawula idak-idak kados
blethok ing margi.
44 Lan Paduka nguwalaken kawula saking
pasulayanipun bangsa kawula,
Paduka rumeksa dhumateng kawula kados
dene pangagengipun para bangsa;

bangsa ingkang boten kawula tepangi
sami ngabdi dhateng kawula.
45 Tiyang ngamanca sami nungkul ngrerepa
dhumateng kawula,
saweg kemawon kupingipun mireng,
lajeng sami sumuyud dhateng kawula.
46 Tiyang ngamanca sami pucet aclum,
lan gumeter medal saking betengipun.
47 Sang Yehuwah iku agesang! Pinujia
peparangku,
linuhurna Gusti Allah paranging
karahayonku.
48 Gusti Allah kang malesake aku,
lan nungkulake para bangsa ana ing
sangisoring pangwasaku,
49 tuwin wus ngluwari aku saka tanganing
mungsuhku.
Lan Paduka sampun ngluhuraken kawula
ngungkuli ingkang tumandang nglawan
kawula;
Paduka sampun ngluwari kawula saking
para juru panganiaya.
50 Pramila kawula badhe ngidungaken pamuji
sokur, konjuk dhumateng Paduka, dhuh
Sang Yehuwah, wonten ing antawisipun
para bangsa,
lan kawula badhe ngidungaken masmur
kagem asma Paduka.
51 Panjenengane maringi karaharjan
kang gedhe marang ratu kang
dijumenengake,
lan nandukake sihkadarman marang kang
jinebadan,

marang Dawud lan anak-putune nganti
salawas-lawase.”

Pangandikane Sang Prabu Dawud kang wekasan

23:1-7

23 1 Iki pangandikane Sang Prabu Dawud
kang wekasan:
“Wulang bebasane Dawud bin Isai lan
wedharing sabdane kang sinengkakake
ing ngaluhur,
wong kang jinebadan ing Gusti Allahe Yakub,
juru masmur kang nengsemake ana ing
Israel:
2 Rohe Sang Yehuwah medhar sabda
lumantar aku,
sabdane dumunung ana ing ilatku:
3 Gusti Allah Israel ngandika,
peparange Israel ngandika marang aku:
Yen sawijining wong ngereh manungsa
klawan adil,
mrentah klawan wedi asih marang Gusti
Allah,
4 sumunar kadi bangbang wetan ing wayah
esuk,
wayah esuk ora ngemu mendhung,
kang sawuse udan marakake
suket nom ing bumi keclap-keclap.
5 Apa ora mengkono kulawargaku ana ing
ngarsane Gusti Allah?
Amarga Panjenengane macak prajanjian
langgeng,

sarwa tinata lan santosa.
Jer sakehe kaslametan lan kabungahanku,
apa dudu panjenengane kang nuwuhake?
6 Nanging para wong dursila
iku kabeh dadi eri kang sinebar;
lah, iku kabeh ora kena cinekel ing tangan:
7 ora ana wong kang bisa nggepok senggol,
aliya kalawan wesi utawa landheyan tumbak
lan diobong ing geni nganti ludhes!”

Para prawirane Sang Prabu Dawud

23:8-39

1Bb 11:10-44

8 Iki jenenge para prawira abdine Sang Prabu
Dawud: Isybaal, wong Hakhmoni, tetindhihe
triwira: iku mbabitake tumbake nglawan
wong wolung atus, kang mati kejojoh ana
ing paprangan. 9 Banjur Eliasar bin Dhodho
anake wong Ahohi; iku kagolong prawira
telu mau. Iki kang ndherekake Sang Prabu
Dawud, nalika nantang wong Filisti, kang
padha nglumpuk ing kana arep andon perang,
mangka para wong Israel wus padha mundur.
10 Nanging Eliasar tumandang lan mateni
wong Filisti akeh banget, nganti keju tangane
lan epek-epeke kraket ing pedhange. Ing
dina iku Sang Yehuwah paring kaunggulan
gedhe. Wadyabala padha bali nututi, mung
arep ngrayah. 11 Nuli: Sama, anake Age,
wong ing Harari. Nalika bala Filisti nglumpuk
ana ing Lekhi -- ing kana ana pategalan

sakedhok kebak kacang tholo -- lan wadyabala
wus padha keplayu saka ing ngarepe wong
Filisti. [12] Sama iku ngadeg ana ing satengahe
pategalan mau bisa nggegegi iku lan nggepuk
wong Filisti nganti kalah. Mangkono anggone
Sang Yehuwah paring kaunggulan gedhe.
[13] Nuju sawijining dina ana wong telu saka
panunggalane panggedhe telung puluh kang
padha sowan ing ngarsane Sang Prabu Dawud,
ngarepake mangsa panen ing sacedhake
guwa Adulam, dene balane wong Filisti ana
sapantha kang apacak baris ana ing lebak
Refaim. [14] Nalika samana Sang Prabu Dawud
ana ing beteng ing pagunungan lan bala
pandhudhukan Filisti ana ing kutha Betlehem.
[15] Sang Prabu Dawud katuwuhan pepenginan
lan ngandika: "Bok ana wong aweh banyu
ngombe marang aku saka sumur ing Betlehem
sacedhake gapura." [16] Prawira tetelu iku banjur
nrajang barisane wong Filisti, nimba banyu
saka sumur ing Betlehem ing sacedhake
gapura, nuli digawa lan dicaosake marang
Sang Prabu Dawud. Sang Prabu Dawud ora
karsa ngunjuk, nanging kasaosake minangka
kurban unjukan marang Sang Yehuwah,
[17] pangandikane: "Kawula mugi katebihna
saking tumindak makaten dhuh Sang
Yehuwah. Punika rak rahipun tiyang-tiyang
ingkang sami kesah ngetohaken nyawanipun?"
Lan Sang Prabu ora karsa ngunjuk. Mengkono
kang dilakoni prawira tetelu iku.
[18] Sang Abisai, kang rayine Sang Yoab bin
Zeruya, iku tetindhihe wong telung puluh.

Iya Sang Abisai iku kang mbabitake tumbake
nglawan mungsuh wong telung atus, kang
mati ditumbak. Dadine wong iku kaloka ing
antarane wong telung puluh mau. 19 Rak Sang
Abisai kang kajen dhewe ana ing antarane
wong telung puluh iku? Pancen iku dadi
tetindhihe, nanging durung madhani triwira
iku.
20 Nuli Benaya bin Yoyadha anake wong gagah
prakosa lan gedhe lelabetane, kang asale saka
Kabzeel, wong iku mateni prawira agung loro
saka Moab. Benaya iya tau nyemplung ing
luweng lan mateni singa, nalika tibane udan
salju. 21 Iku uga mateni sawijining wong Mesir,
kang gedhe dhuwur dedege; wong Mesir iku
asikep tumbak, nanging dipapagake mung
klawan nggawa penthung, tumbake wong
Mesir mau, direbut, wonge dipateni nganggo
tumbake dhewe. 22 Iku kang ditindakake
Benaya bin Yoyadha, mulane kasuwur ana
ing antarane prawira telung puluh iku. 23 Ing
antarane wong telung puluh mau, iku kang
dieringi dhewe; ewadene ora bisa madhani
triwira mau. Lan Sang Prabu Dawud ngangkat
Benaya dadi tetindhihe bala pangawale.
24 Sang Asael, rayine Sang Yoab, iku
panunggalane prawira telung puluh mau.
Tumuli Elhanan bin Dodo, wong Betlehem;
25 Sama, wong ing Harod; Elika, wong Harod;
26 Heles, wong Palti; Ira anake Ikesy, wong ing
Tekoa; 27 Abiezer, wong ing Anatot; Mebunai,
wong Husa; 28 Zalmon, wong Ahohi; Maharai,
wong Netofa; 29 Heleb bin Baana, wong

Netofa; Itai bin Ribai, saka ing Gibea, wong
Benyamin; 30 Benaya, wong Piraton; Hidai
saka ing lebak-lebak Gaas; 31 Abialbon, wong
ing Bet-Araba; Azmawet, wong ing Bahurim;
32 Elyakhba, wong Saalbon; Yasyen, wong
Guni; 33 Yonatan bin Sama, wong Harari;
Ahiam bin Sarar, wong Harari; 34 Elifelet,
anake Ahasbai wong ing Maakha; Eliam, anake
Akhitofel, wong ing Gilo; 35 Hezrai, wong ing
Karmel; Paerai, wong Arbi; 36 Yigal bin Natan,
saka ing Zoba; Bani wong Gad; 37 Zelek, wong
Amon; Naharai, wong ing Beerot, juru ngampil
gegamane Sang Yoab, bin Zeruya; 38 Ira, wong
Yetri; Gareb, wong Yetri; 39 Uria, wong Het,
kabeh gunggunge ana wong telung puluh pitu.

Pendhaftaran lan paukuman

24:1-17

1Bb 21:1-17

24 1 Bebendune Sang Yehuwah mungkat
maneh marang wong Israel.
Panjenengane nggosoki Prabu Dawud nglawan
wong-wong iku, dhawuhe: "Mara lungaa lan
cacahna wong Israel lan wong Yehuda." 2 Sang
Prabu banjur dhawuh marang Sang Yoab lan
para tetindhihing wadyabala liyane, kang
padha seba: "Dlajahana sawratane tanah
Israel wiwit ing Dhan tutug ing Bersyeba;
para kawula padha cacahna, supaya ingsun
pirsa sapira kehe." 3 Senapati Yoab banjur
munjuk marang Sang Prabu: "Sang Yehuwah
mugi mewahana kathahipun kawula tikela

satus tinimbang ingkang sapunika tuwin
mugi tingal dalem nguningani piyambak.
Nanging kenging punapa dene gusti kawula
Sang Prabu kok ngarsakaken ingkang kados
makaten?” 4 Ewadene dhawuhe Sang Prabu
kapeksa kudu diestokake dening Senapati
Yoab lan para senapati liyane. Senapati Yoab
lan para senapati liyane nuli padha mangkat
nindakake dhawuhe Sang Prabu, nganakake
pendhaftaran ana ing antarane bangsa Israel.
5 Padha nyabrang ing bengawan Yarden, banjur
miwiti saka ing Aroer lan saka ing kutha, kang
prenahe ana ing satengahing lebak, kang
anjog ing Gad lan Yaezer. 6 Banjur padha tekan
ing Gilead lan Kadesy ing nagarane wong
Het. Sabanjure padha menyang ing Dhan lan
saka ing kono menggok ngener menyang
Sidon. 7 Banjur tekan ing panggonan kang
ana betenge, Tirus, lan sakehing kuthane
wong Hewi lan wong Kanaan; wekasan tekan
ing laladan Yehuda sisih kidul, ing Bersyeba.
8 Sawuse ndlajahi sawewengkone nagara
kabeh banjur bali menyang ing Yerusalem,
kelakone sangang sasi rong puluh dina.
9 Senapati Yoab banjur ngaturi uninga marang
Sang Prabu oleh-olehane cacah-jiwa. Wong
Israel ana wolung atus ewu kang bisa asikep
pedhang, lan wong Yehuda ana limang atus
ewu.

10 Nanging sawuse milang kawulane, Sang
Prabu Dawud geter galihe, banjur munjuk
marang Sang Yehuwah: “Kawula sampun
nglampahi dosa ageng, awit nindakaken

prakawis punika; dene sapunika dhuh,
Sang Yehuwah, mugi abdi Paduka katebihna
saking kalepatan punika, awit pratingkah
kawula punika bodho sanget.” [11] Bareng
Sang Prabu wungu ing wayah esuk, Nabi
Gad, wonge sidik Sang Prabu Dawud, seba
mundhi pangandikane Sang Yehuwah, kang
mangkene: [12] “Lungaa, matura marang
Dawud: Mangkene dhawuh pangandikane
Sang Yehuwah: Telung prakara kang
Suntawakake marang sira; pilihen salah
siji, mesthi bakal Suntindakake.” [13] Sawuse
Nabi Gad sowan marang Sang Prabu Dawud
ngaturi uninga marang Sang Prabu sarta
munjuk: “Panjenengan dalem punapa milih
wewengkon dalem kadhatengan paceklik
laminipun tigang taun? Punapa panjenengan
dalem milih tigang wulan keplajeng saking
mengsah dalem lan dipun bujeng? Utawi milih
kambah pageblug tigang dinten dangunipun?
Lah sapunika sumangga kawula aturi nggalih
lan nglimbang-limbang, wangsulan punapa
ingkang kedah kawula unjukaken dhateng
Ingkang ngutus kawula.” [14] Sang Prabu
ngandika marang Nabi Gad: “Sanget ribed
manah kula, kajengipun kawula dhawah ing
astanipun Sang Yehuwah, amargi ageng
sihkadarmanipun; nanging sampun ngantos
kula dhawah ing tanganipun manungsa.”

[15] Dadine Sang Yehuwah banjur ndhawahake
pageblug ana ing satengahe wong Israel wiwit
ing wayah esuk nganti tekan ing wektu kang
wus katemtokake; dene kang mati saka ing

Dhan tumeka ing Bersyeba, wong pitung puluh
ewu. 16 Nalika malaekat ngagagake astane
marang Yerusalem arep ditumpes, Sang
Yehuwah kaduwung galihe marga kasangsaran
iku, banjur ngandika marang malaekat kang
nekakake karusakan tumrap bangsa iku:
“Wis cukup samene bae! Tanganira undurna!”
Nalika iku malaekate Sang Yehuwah ana ing
sacedhake panutone Arauna wong Yebus.
17 Lan Sang Prabu munjuk marang Sang
Yehuwah, nalika mirsa malaekat kang lagi
ngrusak umat iku, mangkene: “Kawula
sampun saestu damel dosa lan kalepatan,
nanging menda-menda punika nglampahi
punapa? Mugi asta Paduka nempuh dhateng
kawula saha kulawarga kawula.”

Misbyah kaadegake ing sacedhake Yerusalem.

Wewelake mandheg

24:18-25

1Bb 21:18-27

18 Ing dina iku uga Nabi Gad seba ing
ngarsane Sang Prabu Dawud sarta munjuk
marang Sang Prabu: “Panjenengan dalem
kawula aturi tindak yasa misbyah kagem Sang
Yehuwah wonten ing panutonipun Arauna,
tiyang ing Yebus.”
19 Sang Prabu Dawud
banjur tindak miturut ature Nabi Gad, kaya
dene kang kadhawuhake Sang Yehuwah.
20 Nalika Arauna ndengengek lan ndeleng

Sang Prabu rawuh kadherekake para abdine,
Arauna banjur methukake sarta sumungkem
marang Sang Prabu klawan raine konjem
ing bumi. [21] Unjuke Arauna marang Sang
Prabu: "Punapa karsanipun gusti kawula
Sang Prabu ngrawuhi ingkang abdi?" Paring
wangsulane Sang Prabu Dawud: "Arep nuku
panutonmu perlu kanggo yasa misbyahe Sang
Yehuwah, supaya wewelak iki leren anggone
nempuh rakyat." [22] Arauna banjur munjuk
marang Sang Prabu: "Sumangga, gusti
kawula Sang Prabu kawula aturi mundhut
panuton kawula lan ngurbanaken punapa
ingkang panjenengan dalem karsakaken;
lah punika wonten lembu-lembu kadamela
kurban obaran lan keseran-keseran panuton
saha pasangan lembu punika kagema kangge
kajeng bong. [23] Sadaya punika, dhuh Sang
Prabu, kaaturaken Arauna dhumateng Sang
Prabu." Arauna uga munjuk marang Sang
Prabu: "Mugi-mugi Sang Yehuwah, Gusti
Allah dalem, karenan galihipun dhateng Sang
Prabu." [24] Nanging pangandikane Sang Prabu
Dawud marang Arauna: "Ora mangkono,
nanging ingsun arep mundhut saka sira sapira
regane, amarga ingsun ora bisa nyaosake
kurban obaran marang Sang Yehuwah, Gusti
Allahingsun, tanpa mbayar apa-apa." Sang
Prabu banjur mundhut panuton lan sapi iku
klawan rega seket sekel selaka. [25] Sang Prabu
Dawud tumuli ngadegake misbyah kagem
Sang Yehuwah ana ing kono lan nyaosake
kurban obaran lan kurban kaslametan. Sang

Yehuwah banjur nyembadani donga panyuwun
tumrap nagara kono lan wewelake leren
anggone nempuh wong Israel.

1 PARA RAJA

Bab nalika Sang Prabu Dawud wus sepuh lan sapa kang nggentosi jumeneng ratu

1:1-27

1 1 Kacarita Sang Prabu Dawud wus
sepuh, wus akeh yuswane lan sanadyan
disingebi, ewadene sarirane tetep kraos
asrep. 2 Para abdine tumuli padha munjuk
marang panjenengane: “Prayoginipun gusti
kawula kaupadosaken lare estri legan ingkang
ngladosi tuwin rumeksa dhumateng Sang
Prabu lajeng dados anget.” 3 Mulane banjur
padha ngupaya bocah wadon kang ayu ana
ing satlatahe Israel kabeh, wasana kang
katemu Abisag, prawan ing Sunem; iku nuli
disowanake ing ngarsane Sang Prabu. 4 Prawan
iku luwih dening ayu sarta banjur rumeksa lan
ngaladosi Sang Prabu, nanging ora disareni
dening panjenengane.
5 Kacarita Sang Pangeran Adhonia, putrane
Sang Putri Hagit, marga saka kaduk-wanine
banjur ngandika: “Aku arep jumeneng ratu.”
Nuli nganakake titihan kreta lan bala jaranan
apadene wong seket kang padha lumayu
njajari ana ing ngarsane. 6 Ing sajege sugenge
Sang Adhonia iku durung tau didukani
dening kang rama, kalawan dipangandikani:
“Yagene kowe kok tumindak mangkono?”

Sang Pangeran iku bagus warnane tur putra
panenggak, yaiku sawuse Sang Pangeran
Absalom. 7 Panjenengane nuli pirembagan
karo Sang Yoab bin Zeruya lan karo Imam
Abyatar, iku banjur padha ngeloni lan mbiyantu
Pangeran Adhonia. 8 Nanging imam Zadhok
lan Benaya bin Yoyadha sarta Nabi Natan
lan Simei tuwin Rei apadene para prawira
abdine Sang Prabu Dawud ora padha ngguyubi
Pangeran Adhonia.

9 Sawuse mangkono Pangeran Adhonia banjur
ngunjukake wedhus gembel, sapi lan kewan
lemon minangka kurban ana ing sacedhake
watu Zohelet kang kaprenah ing sandhinge
En-Rogel, nuli ngulemi sakehing sadhereke,
para putrane Sang Prabu lan sakehing wong
Yehuda, punggawane Sang Prabu, 10 nanging
nabi Natan lan Benaya sarta para prawira lan
Pangeran Suleman, rayine ora diulemi.

11 Nabi Natan tumuli munjuk marang Sang
Putri Batsyeba, ibune Pangeran Suleman:
"Punapa panjenengan dalem boten midhanget,
bilih Pangeran Adhonia, putranipun Sang Putri
Hagit sampun jumeneng ratu, mangka gusti
kula Sang Prabu Dawud boten mirsa? 12 Awit
saking punika keparenga kawula ngaturi
pamrayogi, supados panjenengan dalem
saged milujengaken nyawa panjenengan
dalem saha nyawanipun putra dalem Sang
Pangeran Suleman. 13 Panjenengan dalem
kawula aturi marek ing ngarsanipun Sang
Prabu Dawud saha kawula aturi munjuk
dhateng panjenenganipun makaten: Dhuh

Gusti kawula Sang Prabu, panjenengan
dalem rak sampun ngandika dhateng adalem
kalayan supaos: Putramu Suleman kang bakal
jumeneng dadi ratu ing sapungkurku lan
dheweke kang bakal nglinggihi dhamparku?
Kadospundi dene sapunika Adhonia kok dados
ratu? 14 Salajengipun salebetipun panjenengan
dalem munjuk wonten ing ngarsanipun
Sang Prabu, kawula ugi lajeng badhe sowan
mlebet saha mbiyantu anggen panjenengan
dalem munjuk punika.” 15 Mulane Sang Putri
Batsyeba nuli lumebet marak marang ing
ngarsane Sang Prabu ana ing jero kamar.
Nalika iku Sang Prabu wus sepuh banget
lan Abisag, prawan saka ing Sunem, kang
ngladosi panjenengane. 16 Sang Putri Batsyeba
tumuli sumungkem sujud lan nyembah ana
ing ngarsane Sang Prabu. Sang Prabu ndangu:
“Apa kang kokkarepake?” 17 Sang Putri banjur
munjuk marang Sang Prabu: “Gusti kawula
sampun supaos piyambak demi Pangeran
Yehuwah, Gusti Allah paduka, dhumateng
kawula: Putramu Suleman bakal jumeneng
ratu ing sapungkurku lan dheweke bakal
lungguh ing dhamparku. 18 Nanging sapunika,
lah Adhonia sampun dados ratu, mangka
gusti kawula Sang Prabu piyambak boten
nguningani. 19 Adhonia sampun mragat lembu
kathah, kewan leman saha menda gembel,
sarta sampun ngulemi sadaya putra dalem
tuwin Imam Abyatar saha Senapati Yoab,
nanging abdi dalem Suleman boten dipun
ulemi. 20 Nanging sadaya tiyang Israel, dhuh

gusti kawula Sang Prabu, sami mandeng
dhateng paduka, supados panjenengan
dalem paring sumerep, sinten ingkang badhe
nglenggahi dhampar paduka, sapengker
paduka. 21 Manawi boten makaten, benjing
manawi gusti kawula Sang Prabu sampun
kaparengakaken ngaso sesarengan kaliyan
leluhur dalem, adalem tuwin anakipun dalem
Suleman tamtu lajeng badhe kadakwa lepat.”
22 Ing sajrone Sang Putri Batsyeba munjuk
ana ing ngarsane Sang Prabu iku, Nabi Natan
lumebet sowan. 23 Sang Prabu diunjuki uninga:
“Punika Nabi Natan sowan.” Bareng wus
lumebet lan ana ing ngarsane Sang Prabu,
Nabi Natan nyembah sarta sumungkem,
wedanane nganti konjem ing bumi, 24 nuli
munjuk: “Dhuh gusti kawula Sang Prabu
kados-kados Sang Prabu piyambak ingkang
sampun ngandika: Sapungkurku Adhonia
bakal dadi ratu lan nglungguhi dhamparku!
25 Amargi ing dinten punika sampun mragat
lembu kathah, kewan leman saha menda
gembel, para putra dalem sadaya, para
senapati saha Imam Abyatar sami kauleman,
lah sapunika saweg sami nedha lan ngombe
wonten ing ngarsanipun kalayan alok-alok:
Sugenga Sang Prabu Adhonia! 26 Nanging abdi
dalem kawula, Imam Zadhok lan Benaya bin
Yoyadha saha abdi dalem Pangeran Suleman
boten sami kauleman. 27 Manawi bab punika
kalampahanipun margi sampun kakersakaken
dening Sang Prabu, panjenengan dalem
kok boten paring sumerep dhateng para

abdi dalem punika, sinten ingkang badhe nglenggahi dhamparipun gusti kawula Sang Prabu, sapengkeripun gusti kawula."

Sang Pangeran Suleman jinebadan dadi ratu

1:28-53

28 Sang Prabu Dawud banjur paring
wangsulan, pangandikane: "Batsyeba
timbalana." Sang Putri tumuli lumebet marak
lan jumeneng ana ing ngarsaning Sang Prabu.
29 Sang Nata nuli supaos pangandikane:
"Demi Pangeran Yehuwah kang gesang, kang
wus ngluwari nyawaku saka ing sakehing
karubedan, 30 ing dina iki aku bakal nindakake
apa kang wus dakjanjekake marang kowe
demi Pangeran Yehuwah, Gusti Allahe Israel,
kalawan sumpah mangkene: Putramu Suleman
bakal dadi ratu sawuse aku, sarta iya dheweke
kang bakal nglungguhi dhamparku, nggenteni
aku." 31 Sang Putri Batsyeba banjur jengkeng
kalawan sumungkem wedanane nganti konjem
ing bumi, tuwin sujud nyembah marang Sang
Prabu sarta munjuk: "Gusti kawula Sang Prabu
Dawud mugi sugenga ing salaminipun!"
32 Sang Prabu Dawud ngandika maneh:
"Timbalana Imam Zadhok, Nabi Natan tuwin
Benaya bin Yoyadha." Iku padha lumebu
sowan ing ngarsane Sang Prabu, 33 nuli padha
dipangandikani mangkene: "Para abdine
gustimu padha gawanen, putraku Suleman
tunggangna ing bihal titihanku dhewe, banjur

gawanen menyang ing Gihon. 34 Imam Zadhok
lan Nabi Natan nuli njebadana dheweke ana
ing kana, kadadekna ratu ing Israel; sawuse
mangkono, kowe padha ngunekna kalasangka
kalawan padha alok-aloka: Sugenga Sang
Prabu Suleman! 35 Yen wus mangkono, nuli
padha balia kalawan ngiringake dheweke;
dheweke banjur lumebua sarta lungguha ing
dhamparku, amarga dheweke iku kang kudu
lungguh ing dhampar nggenteni aku sarta iya
dheweke kang daktuding supaya dadi ratu
ing Israel lan Yehuda.” 36 Senapati Benaya
bin Yoyadha tumuli munjuk marang Sang
Prabu: “Amin! Inggih makatena dhawuhipun
Sang Yehuwah Allahipun gusti kawula Sang
Prabu. 37 Kadosdene anggenipun Pangeran
Yehuwah nunggil kaliyan gusti kawula Sang
Prabu, makaten ugi Panjenenganipun inggih
nunggila kaliyan Sang Prabu Suleman; mugi
Panjenenganipun karsaa damel dhamparipun
Sang Prabu Suleman langkung ageng
tinimbang dhamparipun Sang Prabu Dawud.”

38 Nuli padha budhalan, yaiku Imam Zadhok,
Nabi Natan lan Senapati Benaya bin Yoyadha,
kalawan kadherekake dening bala Kreti lan
Pleti. Sang Pangeran katitihake ing bihal
titihane Sang Prabu Dawud lan kairingake
menyang ing Gihon.

39 Imam Zadhok wus ngasta sungu isi lenga
saka ing tarub, Sang Pangeran Suleman banjur
jinebadan. Sawuse mangkono kalasangka
nuli kaunekake sarta rakyat padha alok-alok:
“Sugenga Sang Prabu Suleman!” 40 Sang

Prabu Suleman tumuli kairingake dening
rakyat kabeh, kambi padha ngunekake suling
kalawan padha suka pari suka rame, swarane
nganti kaya mbelah-mbelahna bumi.
41 Anadene bab iku keprungu dening Sang
Pangeran Adhonia lan sakehe para uleman
kang padha ndherek, nalika lagi bae rampung
anggone padha dhaharan. Bareng Senapati
Yoab mireng unining kalasangka, banjur
ngunandika: "Ana apa ta dene kutha kok rame
temen?"
42 Nalika lagi ngunandika iku, Yonatan
putrane Imam Abyatar teka. Sang Pangeran
Adhonia nuli ngandika: "Lumebua, sabab kowe
iku satriya lan mesthi nggawa kabar becik."
43 Nanging Yonatan matur marang Pangeran
Adhonia: "Boten! Gusti kita Sang Prabu
Dawud sampun njumenengaken Pangeran
Suleman dados ratu. 44 Sang Prabu sampun
dhawuh, supados Imam Zadhok, Nabi Natan
saha Senapati Benaya bin Yoyadha, tuwin
wadya-bala Kreti lan Pleti sami ngiringna
Pangeran Suleman, katitihna ing bihalipun
Sang Prabu. 45 Imam Zadhok saha Nabi Natan
sami njebadi Sang Pangeran wonten ing Gihon
kajumenengaken ratu; saking ngrika lajeng
sampun sami wangsul kaliyan bingah-bingah,
satemah kitha lajeng rame sanget. Punika
swara ingkang kapireng punika wau. 46 Sang
Prabu Suleman sapunika lenggah ing dhampar
keprabon; 47 para punggawanipun Sang Prabu
ugi sampun sami sowan ing ngarsanipun
Sang Prabu Dawud sami ngaturaken sugeng,

kalayan munjuk: Mugi Gusti Allahipun gusti
kawula karsaa damel misuwuring asmanipun
Sang Prabu Suleman nglangkungi asma
dalem saha dhamparipun mugi nglangkungi
agungipun dhampar dalem. Salajengipun
Sang Prabu inggih sampun sumungkem sujud
wonten ing pasareanipun sarta ngandika
makaten: 48 Pinujia asmane Sang Yehuwah,
Gusti Allahe Israel, kang ing dina iki wus paring
wong kang lungguh ing dhamparku, mangka
aku dhewe isih diparengake nyumurupi.”
49 Ing kono sakehe ulemane Pangeran Adhonia
padha kaget, banjur padha ngadeg lan lunga
sowang-sowangan.
50 Kacarita Pangeran Adhonia ajrih marang
Sang Prabu Suleman, mulane banjur enggal-
enggal tindak lan nyepeng sungu-sunguning
misbyah. 51 Sang Prabu Suleman nuli diunjuki
uninga bab iku: “Nyatanipun Pangeran
Adhonia ajrih dhateng Sang Prabu Suleman
saha lajeng nyepeng singat-singating misbyah
kaliyan ngandika: Sang Prabu Suleman cikben
supaos dhisik ing bab aku, yen ora bakal
mateni abdine iki kalawan pedhang.” 52 Sang
Prabu Suleman tumuli ngandika: “Manawa
tumindake ngetrepi kasatriyane, rambute
saeler bae ora bakal ana kang runtuh ing bumi,
nanging manawa kabukten nduwe kekarepan
ala, mesthi dipateni.” 53 Sang Prabu Suleman
banjur utusan methuk marang ing misbyah.
Bareng Sang Pangeran sowan tumuli sujud
lan nyembah ana ing ngarsane Sang Prabu

Suleman; Sang Prabu nuli ngandika marang panjenengane: “Wis muliha.”

Dhawuh piwelinge Sang Prabu Daud kang wekasan sadurunge seda

2:1-12

2 1 Nalika wektu sedane Sang Prabu
Dawud wus cedhak, panjenengane paring
piweling marang Sang Prabu Suleman,
putrane: 2 “Aku iki bakal lunga ngliwati dalane
samubarang kabeh kang ora langgeng,
mulane atimu disantosa lan tumindaka kaya
wong lanang. 3 Nglakonana kawajibanmu
kalawan setya marang Sang Yehuwah,
Allahmu; karo maneh lakumu metua ing dalan
pitedahe sarta lestarekna anggonmu ngenut
sakehing katetepan, prentah, pranatan tuwin
katemtuan, kaya kang katulis ing angger-
anggere Nabi Musa, supaya samubarang kabeh
kang koklakoni lan sakehing sedyamu bisa
oleh gawe, 4 lan supaya Pangeran Yehuwah
karsaa netepi janji kang kapangandikakake
tumrap aku, yaiku: Manawa anak-anakira
lanang lakune lestari ana ing ngarsaningSun
kalawan setya, kalawan gumolonging ati sarta
kalawan gumolonging nyawane, turun-turunira
ora bakal ana pedhote anggone nglungguhi
dhamparing karajan Israel.
5 Karodene kowe uga nyumurupi apa kang
ditandukakake marang aku dening Yoab anake
Zeruya, apa kang ditandukakake marang
senapati Israel loro, yaiku Abner bin Ner lan

Amasa bin Yeter, Yoab mateni loro-lorone iku
sarta ngwutahake getih ing jaman tentrem,
kaya-kaya lagi ana perang, satemah sabuking
bangkekane lan trumpahe sikile kuthah getih.
6 Mulane tumindaka kalawan kawicaksanan
lan aja nganti ngolehake kang uwanen iku
tumurun ing jagading wong mati kalawan
slamet.
7 Nanging marang anak-anake Barzilai, wong
ing Gilead kae, kowe nandukna kamurahaning
atimu. Iku cikben klebu ing golongan kang
oleh pangan saka ing mejamu, amarga iku
padha ngetokake kasetyane, yaiku padha
nampani aku nalika aku keplayu saka ing
ngarepe kakangmu Absalom. 8 Sabanjure
ing wewengkonmu isih ana Simei bin Gera,
wong Benyamin saka ing Bahurim. Iku kang
ngipat-ipati aku kalawan ipat-ipat kang
nandhes nalika aku menyang ing Mahanaim,
nanging ing tembe banjur methukake aku
ana ing pinggire bengawan Yarden sarta
aku wus sumpah marang dheweke demi
Sang Yehuwah: kowe ora bakal dakpateni
kalawan pedhang! 9 Saiki iku aja kokluwari
saka ing paukuman; kowe iku wong kang
wicaksana mesthi iya sumurup apa kang bakal
koktandukake marang iku, supaya anggone
tumurun ing jagade wong mati kalawan kuthah
getih.”
10 Sawuse mangkono Sang Prabu Dawud
banjur ngaso nunggil kalawan para leluhure,
nuli kasarekake ana ing kuthane Sang Prabu
Dawud.

[11] Anadene Sang Prabu Dawud anggone
ngratoni Israel lawase patang puluh taun; ana
ing Hebron anggone jumeneng pitung taun lan
ana ing Yerusalem, jumenenge telung puluh
telu taun. [12] Sang Pangeran Suleman banjur
gumanti nglenggahi dhampare Sang Prabu
Dawud, ramane, karajane santosa banget.

Apa kang katindakake dening Sang Prabu Suleman kagem nyantosakake dhampare

2:13-46

[13] Ing sawijining dina Pangeran Adhonia,
putrane Sang Putri Hagit sowan mlebu ngadhep
ing ngarsane Sang Putri Batsyeba, ibune Sang
Prabu Suleman. Sang Putri banjur ndangu:
“Apa tekamu iku kanthi kekarepan becik?”
Atur wangsulane: “Inggih sae!” [14] Sabanjure
ature mangkene: “Wonten bab ingkang
badhe kawula aturaken ing panjenengan
dalem.” Pangandikane Sang Putri: “Matura!”
[15] Nuli matur: “Panjenengan dalem piyambak
mirsa, bilih ingkang wenang jumeneng ratu
punika kawula, tuwin tiyang Israel sadaya
ngajeng-ajeng supados kawula jumeneng
ratu; nanging wusananipun kalenggahan raja
dhumawah ing rayinipun dalem, awit punika
katampi saking Pangeran Yehuwah. [16] Lah
sapunika, namung panyuwunan satunggal
kemawon ingkang kawula aturaken wonten
ing ngarsa dalem, mila sampun ngantos boten
dipun jurungi panyuwunan kawula punika.”
Paring wangsulane Sang Putri: “Matura!”

17 Unjuke Pangeran Adhonia: “Bab punika
mugi panjenengan dalem karsaa ngandika
dhateng Sang Prabu Suleman, amargi Sang
Prabu tamtu boten badhe nduwa pamundhut
dalem. Inggih punika supados Abisag, lare
estri saking Sunem punika kaparingna dhateng
kawula, dados semah kawula.” 18 Sang Putri
Batsyeba mangsuli, pangandikane: “Iya becik,
bab iki bakal dakrembug karo Sang Prabu.”
19 Sang Putri Batsyeba banjur lumebet
marang ing ngarsane Sang Prabu Suleman
prelu ngrembag panyuwune Pangeran
Adhonia. Sang Prabu nuli methukake kang
ibu sarta banjur tumelung nyembah, tumuli
lenggah ing dhampar. Sang Prabu nuli
dhawuh mundhut kursi kagem lenggah Sang
Prameswari Ibu, kang ibu banjur lenggah ing
satengene Sang Prabu. 20 Sang Putri tumuli
ngandika: “Aku arep ngaturake panyuwunan
kang ora sapiraa marang sliramu, aja nganti
sliramu nduwa panyuwunanku iku.” Atur
wangsulane Sang Prabu: “Mangga, ibu, awit
kula boten badhe nduwa pamundhutipun
ibu.” 21 Sang Putri ngandika: “Abisag, bocah
wadon Sunem iku bok kaparingake marang
kamasmu Adhonia, dadia bojone.” 22 Nanging
Sang Prabu Suleman nuli matur marang kang
ibu: “Punapaa, dene ibu namung mundhut
Abisag, lare estri Sunem punika, kangge
Adhonia? Bok inggih mundhut kalenggahaning
ratu pisan kangge piyambakipun! Punika
rak sadherek kula ingkang langkung sepuh,
tur ingkang mbiyantu piyambakipun Imam

Abyatar saha Yoab, anakipun Zeruya?”
23 Sang Prabu Suleman banjur supaos demi
Sang Yehuwah: “Gusti Allah mugi karsaa
nandukaken dhateng kula makaten, malah
nglangkungana punika, manawi Adhonia boten
ngetohaken nyawanipun kangge panyuwunan
punika! 24 Awit saking punika, demi Sang
Yehuwah ingkang gesang, ingkang njejegaken
kula saha ingkang nglenggahaken kula ing
dhamparipun Sang Prabu Dawud, rama kula,
saha ingkang maringi kula brayat kados
ingkang kaprasetyakaken: ing dinten punika
ugi Adhonia kedah dipun pejahi.” 25 Sang Prabu
Suleman nuli masrahake bab iku marang Sang
Benaya bin Yoyadha, kang iya banjur nempuh
marang Pangeran Adhonia dadi lan sedane.
26 Anadene Imam Abyatar didhawuhi dening
Sang Nata mangkene: “Sira menyanga ing
tanah Anatot, ing tanah duwekira, awitdene
sanadyan sira iku wus sapantese tampa
paukuman, nanging ing dina iki ingsun ora
bakal mateni sira amarga sira wus ngusung
pethine Sang Yehuwah Allah ana ing ngarsane
ramaningsun, Sang Prabu Dawud, lan sira wus
ndherek nandhang kasrakatan ing sajrone
sakehning kasangsarane ramaningsun.”
27 Imam Abyatar banjur kapecat dening
Sang Prabu Suleman saka ing kalenggahane
anggone dadi imame Sang Yehuwah, satemah
katetepan pangandikane Sang Yehuwah, kang
kadhawuhake tumrap turune imam Eli ana ing
Silo.

28 Bareng pawarta mau kapireng dening
Senapati Yoab -- senapati Yoab iku pancen
ngeloni Pangeran Adhonia, sanadyan ora
ngeloni Pangeran Absalom -- dadine Sang
Yoab banjur mlajeng menyang ing tarube Sang
Yehuwah lan nyepeng sunguning misbyah.
29 Sang Prabu Suleman nuli kaunjukan uninga,
yen Senapati Yoab wus ngungsi menyang
ing tarube Pangeran Yehuwah lan wus
ana ing sandhinging misbyah. Sang Prabu
Suleman nuli dhawuh marang Sang Benaya
bin Yoyadha: "Mangkata, patenana wong iku."
30 Sang Benaya banjur lumebet ing tarube
Pangeran Yehuwah lan matur marang Sang
Yoab: "Dhawuhipun Sang Prabu: Sira metua."
Ature Sang Yoab: "Boten, sabab kula milaur
pejah wonten ing ngriki." Sang Benaya tumuli
ngaturake wangsulan iku marang Sang Prabu,
unjuke: "Makaten wicantenipun Yoab lan
makaten wangsulanipun dhateng kawula."
31 Pangandikane Sang Prabu: "Tindakna kaya
dene kang diucapake. Patenana wong iku
lan banjur kuburen; kalawan mangkono sira
ngedohake saka ingsun lan kulawarganingsun
kaluputan ing bab getih kang diwutahake
dening Yoab tanpa sebab. 32 Dadine Pangeran
Yehuwah nempuhake utange getih marang
awake dhewe, amarga wong iku wus mateni
wong loro kang luwih bener lan luwih becik
tinimbang dheweke, yaiku anggone mateni
wong loro mau kalawan pedhang ora kanthi
kauningan dening ramaningsun Dawud, yaiku
Abner bin Ner, senapati Israel lan Amasa bin

Yeter, senapatine Yehuda. 33 Mulane getihe
wong loro iku bakal tumempuh marang
Yoab lan turun-turune ing salawas-lawase,
nanging Rama Dawud lan para tedhak-turune
lan kulawargane apadene dhampare bakal
ginanjar slamet dening Sang Yehuwah
nganti ing salawas-lawase.” 34 Sang Benaya
bin Yoyadha banjur tindak, Senapati Yoab
tinempuh lan kasedanan. Sawuse mangkono
banjur kasarekakake ing daleme piyambak ana
ing pasamunan. 35 Sang Prabu tumuli misudha
Sang Benaya bin Yoyadha dadi gegentine
Sang Yoab, dadi senapati; tuwin Imam Zadhok
kaangkat dening Sang Prabu dadi gegentine
Imam Abyatar.

36 Sawuse mangkono Sang Nata nuli dhawuh
nimbali Simei sarta dipangandikani mangkene:
“Sira ngedegna omah kanggo sira ana ing
Yerusalem banjur enggonana sarta sira aja
metu saka ing kono arepa menyang ngendi
bae. 37 Amarga sumurupa, samangsa sira metu
lan nyabrang ing kali Kidron, sira mesthi bakal
dipateni lan getihira bakal tumempuh marang
sira dhewe.” 38 Simei banjur munjuk marang
Sang Prabu: “Inggih sendika, adalem badhe
nglampahi dhawuh dalem Sang Prabu punika.”
Simei nuli manggon ana ing Yerusalem nganti
antara lawas.

39 Nanging sawuse telung taun banjur
kelakon ana bature Simei loro kang minggat
menyang ing ngarsane Sang Prabu Akhis bin
Maakha, ratu ing Gat; Simei nuli kawartanan:
“Kauningana, abdi panjenengan kalih wonten

ing Gat.” 40 Simei banjur enggal-enggal
ngabah-abahi kuldine nuli mangkat menyang
ing Gat, ing wewengkone Sang Prabu Akhis,
nggoleki bature mau. Sawuse mangkono
tumuli mulih kanthi nggawa batur-bature mau
saka ing Gat. 41 Bareng Sang Prabu Suleman
diunjuki uninga, manawa Simei mentas lunga
saka ing Yerusalem menyang Gat lan saiki wus
mulih, 42 Sang Prabu banjur utusan nimbali
Simei kang tumuli dipangandikani mangkene:
“Sira rak wus sundhawuhi sumpah demi
Sang Yehuwah lan wus sunparingi pepeling
mangkene: Iki sumurupana kang temenan,
yaiku samangsa sira metu lan lunga menyanga
ngendi bae, sira mesthi bakal kapatenan. Lan
sira wus munjuk: Inggih sendika, adalem
badhe nglampahi dhawuh dalem. 43 Yagene
dene sira kok ora netepi sumpahira demi
Sang Yehuwah iku lan uga dhawuh kang
sunparingake marang sira?” 44 Sabanjure Sang
Prabu ngandika marang Simei mangkene:
“Sira dhewe sumurup ing sajrone atinira
marang sakehing piala kang sira tandukake
marang Sang Prabu Dawud, ramaningsun,
mulane Sang Yehuwah wus nempuhake
pialanira iku marang sira dhewe. 45 Nanging
Sang Prabu Suleman muga kaberkahana lan
muga dhampare Sang Prabu Dawud santosa
ana ing ngarsane Sang Yehuwah nganti ing
salawas-lawase.” 46 Sang Prabu banjur paring
dhawuh marang Benaya bin Yoyadha; Benaya
nuli mundur, Simei ditigas nganti mati. Kaya

mangkono karajan iku dadi santosa ana ing
astane Sang Prabu Suleman.

Sang Prabu Suleman ndedonga nyuwun kawicaksanan

3:1-15

2Bb 1:1-13

3 [1] Sang Prabu Suleman banjur kapundhut
mantu dening Sang Prabu Pringon, ratu
ing Mesir, marga panjenengane mundhut
garwa putrane putri Sang Prabu Pringon, iku
nuli kaboyong menyang ing kuthane Sang
Prabu Dawud, nganti rampunge anggone
panjenengane yasa kedhatone lan padalemane
Sang Yehuwah sarta balowarti ing sakubenge
Yerusalem.
[2] Mung bae bangsa iku anggone nyaosake
kurban isih ana ing tetengger pangurbanan,
amarga nganti ing wektu iku asmane Sang
Yehuwah durung diyasakake padaleman.
[3] Lan Sang Prabu Suleman ngatingalake
sih-sutresnane marang Sang Yehuwah
kalawan netepi pranatan-pranatane Sang
Prabu Dawud, kang ramane; mung bae
panjenengane isih caos kurban sembelehan
lan kekutug ana ing tetengger pangurbanan.
[4] Ing sawijining dina Sang Prabu tindak
menyang Gibeon, prelu caos kurban, sabab
iku tetengger pangurbanan kang gedhe
dhewe; sewu kurban obaran kang dicaosake
Sang Prabu Suleman ana ing misbyah
kono. [5] Ana ing Gibeon iku Sang Yehuwah

ngatingal marang Sang Prabu Suleman ing
sajroning supena ing wayah bengi. Gusti
Allah ngandika: "Nyuwuna apa kang bakal
Sunparingake marang sira."
6 Sang Prabu
Suleman banjur munjuk: "Paduka ingkang
sampun ngatingalaken sih-kadarman ingkang
ageng dhumateng abdi Paduka Rama Dawud,
rama kawula, amargi sugengipun wonten ing
ngarsa Paduka kalayan setya, leres lan jujur
dhumateng Paduka; sarta Paduka sampun
nglestantunaken sih-kadarman ingkang ageng
punika dhumateng rama, Paduka paringi
anak ingkang linggih ing dhamparipun kados
ingkang kalampahan ing dinten punika.
7 Milanipun sapunika, dhuh Yehuwah, Gusti
Allah kawula, Paduka ingkang njumenengaken
abdi Paduka punika dados ratu nggentosi Rama
Dawud, rama kawula, sanadyan kawula taksih
anem sanget lan dereng gadhah pengalaman.
8 Inggih kados makaten punika abdi Paduka
wonten ing satengahing umat Paduka ingkang
Paduka pilih, satunggaling umat ingkang
ageng, ingkang cacahipun boten kenging
kaetang sarta boten kenging kakinten-kinten.
9 Milanipun Paduka mugi karsaa maringi
dhumateng abdi Paduka manah ingkang saged
nenimbang prakawis supados saged ngakimi
umat Paduka kalayan saged mbedakaken
punapa ingkang sae lan ingkang awon, awit
sinten ta ingkang sagah ngakimi umat Paduka
ingkang ageng sanget punika?"
10 Panyuwune
Sang Prabu Suleman kang kaya mangkono iku
tinemu becik ana ing ngarsane Sang Yehuwah.

[11] Mulane Gusti Allah nuli ngandika marang
panjenengane: “Ing sarehne iku kang dadi
panyuwunira lan ora nyuwun umur dawa
utawa kasugihan apa nyawaning mungsuhira,
nanging kalimpadan aweh putusan ing
sajroning pangadilan, [12] mulane lah Ingsun
bakal nindakake kang laras karo panyuwunira
iku, lah Ingsun maringi marang sira ati kang
kebak kawicaksanan lan kalimpadan, nganti
sadurunge sira ora ana wong siji-sijia kang
kaya sira, lan sawuse sira ora bakal ana wong
siji-sijia kang kaya sira. [13] Sarta kang ora sira
suwun iya Sunparingake, yaiku kasugihan lan
kaluhuran, satemah sajege uripira ora bakal
ana wong siji-sijia kang kaya sira ing antarane
para raja. [14] Lan manawa lakunira metu ing
dalan kang Suntedahake lan lestari manut
sakehing katetepan lan parentahingSun,
padha kaya ramanira Dawud, Ingsun bakal
paring tambahing umurira.” [15] Sang Prabu
Suleman banjur wungu; jebul panjenengane
supena. Sakondure menyang ing Yerusalem,
panjenengane nuli jumeneng ana ing ngarepe
pethi prajanjianing Yehuwah lan ngaturake
kurban-kurban obaran lan kurban-kurban
kaslametan. Sawuse mangkono Sang Prabu
banjur nganakake bujana kalawan para
punggawa.

Kawicaksanane Sang Prabu Suleman nalika paring putusan

3:16-28

16 Ing nalika samana ana wanita tuna
susila loro kang marak marang ing ngarsane
Sang Prabu lan banjur ngadeg ana ing
ngarsane. 17 Unjuke wong wadon kang siji:
“Dhuh Gusti kawula! Kawula kaliyan tiyang
estri punika manggen tunggil sagriya, lan
kawula nglairaken jabang bayi nalika tiyang
punika wonten ing griya. 18 Sasampunipun
makaten, ing dintenipun ingkang kaping tiga
sasampunipun kawula, tiyang estri punika ugi
nglairaken jabang bayi; kawula namung tiyang
kalih punika, boten wonten tiyang sanesipun
ingkang manggen sesarengan kaliyan
kawula, namung kawula kekalih ingkang
wonten ing griya. 19 Ing wanci dalu anakipun
tiyang estri punika pejah, margi katindhihan
ing piyambakipun. 20 Sareng tengah dalu
piyambakipun tangi lajeng mendhet anak
kawula saking ing sandhing kawula; nalika
abdi dalem kawula tilem, anak kawula dipun
tilemaken ing pangkonipun, dene anakipun
ingkang pejah dipun tilemaken ing sandhing
kawula. 21 Sareng enjing kawula tangi badhe
nesepi anak kawula, bayi punika sampun tilar,
nanging sareng kawula tamataken ing wanci
enjing punika, katingal bilih punika sanes bayi
ingkang kawula lairaken.” 22 Wong wadon sijine
celathu: “Ora! Anakku kang urip, lan anakmu

kang mati." Nanging wong wadon kang kapisan
celathu maneh: "Dudu! Anakmu kang mati, lan
anakku kang urip." Kaya mangkono anggone
padha padu ana ing ngarsane Sang Prabu.
23 Sang Prabu banjur ngandika: "Kang siji
kandha: Anakku kang urip iki lan anakmu kang
mati. Sijine celathu: Dudu! Anakmu kang mati
dene anakku kang urip." 24 Sawuse mangkono
Sang Prabu dhawuh: "Ingsun pundhutna
pedhang!" Banjur kacaosan pedhang. 25 Sang
Prabu dhawuh: "Bayi kang urip iku pedhangen
dadi loro lan separo sira wenehna marang
kang siji, separone marang sijine." 26 Wong
wadon kang anake urip mau, marga saka
welase marang anake, banjur munjuk marang
Sang Prabu: "Dhuh, gusti kawula! Bayi
ingkang gesang punika kaparingna kemawon
dhateng piyambakipun, sampun ngantos
paduka pejahi." Nanging sijine celathu:
"Supaya ora dadi duwekmu utawa duwekku,
sumangga kasigara!" 27 Nanging Sang Prabu
mangsuli, pangandikane: "Bayi kang urip iku
sira wenehna marang wong wadon kae, aja
pisan-pisan sira pateni. Wong wadon kae
biyunge." 28 Bareng wong Israel kabeh krungu
putusaning pangadilan kang diparingake
dening Sang Prabu, kabeh banjur padha
wedi marang Sang Prabu, amarga padha
sumurup, manawa panjenengane kadunungan
kawicaksananing Allah kagem nindakake
pangadilan.

Para panggedhe abdine Sang Prabu Suleman lan para kepala-dhaerahe

4:1-20

4 1 Sang Prabu Suleman iku ngratoni
sawewengkone Israel kabeh. 2 Iki para
panggedhene: Azarya bin Zadhok dadi imam;
3 Elihoref lan Ahia, anak-anake Sisa dadi
sekretaris nagara; Yosafat bin Ahilud dadi
juru gedhong; 4 Benaya bin Yoyadha dadi
senapati; Zadhok lan Abyatar dadi imam.
5 Azarya bin Natan dadi panggedhening para
kepala-dhaerah. Zabud bin Natan iku imam
kang dadi mitrane Sang Prabu. 6 Ahisar dadi
panggedhening kraton. Adoniram bin Abda
dadi panggedhening pakaryan nagara.
7 Sang Prabu Suleman kagungan kepala-
dhaerah rolas ana ing wewengkon Israel
kabeh, kang kawajiban ngrupakake dhahare
Sang Prabu dalah saisining kratone: saben
kepala-dhaerah kawajiban ngladekake dhahar
kanggo sesasi ing dalem setaune. 8 Iki
asma-asmane: Ben-Hur ing pagunungan
Efraim, 9 Ben-Deker ing Makas, ing Saalbim,
ing Bet-Semes lan ing Elon-Bet-Hanan; 10 Ben-
Hesed ing Arubot; wilayahe yaiku Sokho
lan satanah Hefer kabeh; 11 Ben-Abinadab
ngwasani tanah pagunungan Dor kabeh,
garwane asma Tafat, putrane putri Sang
Prabu Suleman. 12 Baana bin Ahilud ngwasani
Taanakh, Megido lan sawewengkone Bet-Sean
kabeh, kang dumunung ing sacedhake Sartan

sangisore Yizreel, wiwit ing Bet-Sean nganti
tekan ing Abel-Mehola tumeka ing sisih
kanane Yokmeam. 13 Sabanjure Ben-Geber
ing Ramot-Gilead, wilayahe yaiku Hawot-Yair
kang ana ing Gilead; Yair iku anake Manasye.
Wilayah Argob kang ana ing Basan uga klebu
wewengkone, kuthane gedhe sawidak mawa
balowarti lan slarak tembaga; 14 Ahinadab bin
Idho manggedheni Mahanaim. 15 Sabanjure
Ahimaas ing Naftali; iku uga krama karo putri
putrane Sang Prabu Suleman, kang asma
Basmat. 16 Sateruse Baana bin Husai ing Asyer
lan ing Alot. 17 Nuli Yosafat bin Paruah ing
Isakhar 18 lan Simei bin Ela ing Benyamin.
19 Geber bin Uri ing tanah Gilead ngwasani
tanahe Sang Prabu Sihon, ratune wong Amori,
lan tanahe Sang Prabu Og, ratu ing Basan;
mung siji iku kang dadi kepala-dhaerah kang
ana ing tanah kono. 20 Wong Yehuda lan wong
Israel iku kehe kaya wedhi ing pinggire sagara.
Kabeh padha mangan lan ngombe sarta padha
suka-suka pari suka.

Kaluhurane Sang Prabu Suleman

4:21-34

21 Sang Prabu Suleman ngwaosi sakehing
karajan wiwit saka bengawan Efrat nganti
tekan ing nagarane wong Filisti lan nganti
tekan ing tapel-watese tanah Mesir. Iku padha
ngaturake bulu-bekti lan tetep teluk marang
Sang Prabu Suleman ing sajege sugenge.

[22] Anadene cecawisan dhahar kang kagem
Sang Prabu Suleman iku sadinane glepung
kang becik dhewe telung puluh kor lan glepung
lumrah sawidak kor, [23] sapi lemon sapuluh lan
sapi ngon-ngonan rong puluh tuwin wedhus
satus, iku durung ketung menjangan, kidang,
menjangan tutul lan banyak ingon, [24] amarga
panjenengane ngwaosi saindenging tanah
ing sisih kenene bengawan Efrat, wiwit saka
Tifsakh nganti tekan Gaza, apadene ngereh
sakehing ratu ing sisih kenene bengawan Efrat,
sarta kaparingan tentrem ana ing saindenging
nagarane, [25] satemah wong Yehuda lan wong
Israel anggone padha manggon kalayan
tentrem, siji-sijine manggon ana ing sangisore
wit anggur lan wit anjir, wiwit ing Dhan nganti
tekan ing Bersyeba ing sasugenge Sang Prabu
Suleman.

[26] Kajaba saka iku Sang Prabu Suleman
kagungan jaran patang ewu gedhogan kanggo
kareta-karetane lan rolas ewu prajurit jaranan.
[27] Para kepala-dhaerah iku padha rumeksa
marang dhahare Sang Prabu Suleman dalah
sakabehe wong kang ndherek dhahar ing
mejane Sang Prabu Suleman. Anggone
ngunjukake ing saben sasi gilirane lan ora
ana kang dikurangi. [28] Sair lan dami kanggo
jaran-jaran lumrah lan jaran-jaran teji iku
padha digawa menyang ing panggonan
kang wus katemtokake, manut tanggungane
dhewe-dhewe.

[29] Sabanjure Gusti Allah paring kawicaksanan
lan kalimpadan kang linuwih marang Sang

Prabu Suleman, sarta akal budi kang
jembare kaya pasisir wedhi ing pinggire
sagara, [30] nganti kawicaksanane Sang Prabu
Suleman iku ngungkuli kawicaksanane
sakehe wong wetanan lan ngluwihi sakehe
kawicaksanane wong Mesir. [31] Kawicaksanane
ngungkuli wong kabeh, ngungkuli Etan, wong
ing Ezrahi, ngungkuli Heman, Kalkol lan
Darda, anak-anake Mahol, mulane asmane
kondhang ana ing antarane sakehing bangsa
ing sakubenge. [32] Panjenengane nganggit
bebasan telung ewu, lan kidungan sewu lima.
[33] Panjenengane nggubah kekidungan bab
wit-witan, wiwit wit eres ing pagunungan
Libanon nganti wit Hisop kang thukul ing
tembok. Panjenengane uga ngandika bab
kewan-kewan lan manuk-manuk tuwin bab
kewan kang rumangkang sarta bab iwak-iwak.
[34] Wong-wong saka sakehing bangsa padha
sowan ngrungokake bab kawicaksanane
Sang Prabu Suleman, apamaneh Sang Prabu
kacaosan bulubekti dening para raja ing bumi,
kang wus padha mireng bab kawicaksanane
iku.

Tata-tata arep yasa Padaleman Suci

5:1-18

2Bb. 2:1-18

5 [1] Kacarita Sang Prabu Hiram, ratu ing
nagara Tirus, utusan para punggawane
sowan menyang ing ngarsane Sang Prabu
Suleman, amarga midhanget, manawa Sang

Prabu Suleman wus jinebadan dadi ratu
nggentosi kang rama, sabab Sang Prabu Hiram
iku tansah memitran kalawan Sang Prabu
Dawud. 2 Sang Prabu Suleman banjur utusan
marang ing ngarsane Sang Prabu Hiram,
kadhawuhan matur: 3 "Panjenengan mirsa,
bilih Rama Dawud, rama kula, boten saged
ngedegaken padaleman kagem asmanipun
Sang Yehuwah, Gusti Allahipun, amargi
mengsahipun sami merangi panjenenganipun
saking pundi-pundi, satemah lajeng
kaulungaken dening sang Yehuwah dhateng
ing sangandhaping sampeyanipun. 4 Nanging
sapunika Pangeran Yehuwah, Gusti Allah kula,
sampun maringi katentreman dhumateng
kula wonten ing pundi-pundi, sampun boten
wonten mengsah malih saha boten wonten
kasangsaran malih ingkang tumempuh.
5 Saha kauningana, kula manah-manah badhe
ngedegaken padaleman kagem asmanipun
Sang Yehuwah, Gusti Allah kula, kadosdene
ingkang sampun kaprajanjekaken dening
Sang Yehuwah dhateng Rama Dawud,
rama kula, makaten: Anakira kang mengko
bakal Sunlungguhake ing dhamparira dadi
gegentinira, iku kang bakal ngyasakake
padaleman kagem asmaningSun. 6 Awit saking
punika panjenengan mugi karsaa paring
dhawuh negor wit-wit eres ing redi Libanon,
tuwin tiyang kula kajengipun sami mbiyantu
para abdi panjenengan, wondene epahipun
kangge para abdi panjenengan badhe kula
caosaken dhateng panjenengan, sapinten

kemawon pamundhut panjenengan, amargi
panjenengan uninga, bilih panunggilan kula
boten wonten ingkang saged negor wit-witan
kadosdene tiyang ing Sidon.”
7 Sawuse mireng piwelinge Sang Prabu
Suleman iku, Sang Prabu Hiram banget
renaning panggalihe sarta banjur ngandika:
“Pinujia Sang Yehuwah ing dina iki, amarga
Panjenengane wus maringi Sang Prabu Dawud
putra kang wicaksana kang ngratoni bangsa
kang gedhe iki.” 8 Sang Prabu Hiram nuli utusan
abdi matur marang Sang Prabu Suleman
mangkene: “Kula sampun tampi paring
piwelingipun lumantar utusan panjenengan.
Bab kajeng eres saha kajeng beros, kula
badhe nindakaken punapa ingkang dados
karsa panjenengan. 9 Tiyang-tiyang kula badhe
ngandhapaken saking redi Libanon dhateng ing
saganten saha badhe kula dhawuhi supados
kagandheng-gandheng dados gethekan lajeng
kabektaa dhateng ing panggenan ingkang
panjenengan tedahaken dhateng kula, wonten
ing ngrika nunten sami kabungkara, satemah
panjenengan saged dhawuh ngangkati. Dene
panjenengan mugi karsaa nyekapi kabetahan
kula tedha kangge saisining kraton, sapinten
ingkang kula kajengaken.” 10 Mangkono dadine
Sang Prabu Hiram nyaosi kayu eres lan
kayu beros marang Sang Prabu Suleman,
sapira kang dikarsakake. 11 Dene Sang Prabu
Suleman banjur nyaosi marang Sang Prabu
Hiram gandum rong puluh ewu kor, bahan
pangan kanggo saisining kraton, lan lenga

cocohan rong puluh kor; iku kang dicaosake
dening Sang Prabu Suleman marang Sang
Prabu Hiram ing saben taun. 12 Anadene Sang
Yehuwah paring kawicaksanan marang Sang
Prabu Suleman kaya kang kaprasetyakake
marang panjenengane; dadine Sang Prabu
Hiram lan Sang Prabu Suleman iku rukun,
karo-karone banjur nganakake prajanjian.
13 Sang Prabu Suleman nuli nimbali wong
nyangga karya saka ing satanah Israel kabeh,
cacahe wong mau ana telung puluh ewu.
14 Iku padha didhawuhi menyang ing gunung
Libanon, gilirane saben sasi sepuluh ewu:
sajrone sasasi padha ana ing Libanon, rong
sasi ana ing ngomah. Adoniram kang dadi
kepalane wong nyangga karya mau. 15 Sarta
maneh Sang Prabu Suleman kagungan
kuli pitung puluh ewu lan tukang tatah
wolung ewu ana ing pagunungan, 16 iku
durung kapetung para kepalane mandhor
Sang Prabu Suleman kang manggedheni
pagawean iku, kehe ana telung ewu telung
atus; iku kang padha ngulat-ulatake rakyat
kang nindakake pagawean iku. 17 Sabanjure
Sang Prabu dhawuh supaya wong-wong
padha mbrengkali watu kang gedhe-gedhe;
watu kang larang-larang kanggo dhasaring
padaleman iku watu tatahan. 18 Ing kono
para tukange Sang Prabu Suleman lan para
tukange Sang Prabu Hiram sarta para wong
Gebal padha natahi kayu lan watu kanggo
nyadhiyani adege padaleman mau.

Sang Prabu yasa Padaleman Suci

6:1-38

2Bb 3:1-14

6 1 Kacarita taun kang kaping patang atus
wolung puluh sawuse wong Israel metu
saka ing tanah Mesir, ing taun kang kaping
pat sawuse Sang Prabu Suleman jumeneng
ratu ing Israel, ing sasi Ziw, yaiku sasi kang
kapindho, Sang Prabu Suleman wiwit yasa
padaleman kagem Sang Yehuwah. 2 Padaleman
kang kaadegake Sang Prabu Suleman kagem
Sang Yehuwah iku dawane sawidak asta,
lan ambane rong puluh asta sarta dhuwure
telung puluh asta. 3 Pendhapa ing sangarepe
bale-agung ing padaleman iku dawane rong
puluh asta, manut ambane padaleman iku lan
ambane sapuluh asta ing ujure padaleman
mangarep. 4 Padaleman iku uga didokoki
cendhela-cendhela nganggo krepyak kang
rapet. 5 Ing sakubenge padaleman mepet
ing tembok diyasani kamar tambahan, ing
sakubenge bale-agung lan bale pungkuran lan
kabeh iku kagawe sungsun-sungsun. 6 Larikan
kang ngisor ambane limang asta, kang tengah
enem asta, dene kang katelu pitung asta,
amarga ing sajabane padaleman mubeng wus
diyasani bantalan, pamurihe supaya ora usah
mboboki temboking padaleman. 7 Nalika yasa
padaleman iku kang dianggo watu-watu kang
wus diwangun ana ing papan pandhudhuke
satemah ora keprungu swaraning palu utawa

pethel utawa sadhengah piranti wesi sajrone
mbangun padaleman iku. 8 Lawange larikan
ngisor ana ing satengahe padaleman lan
manawa wong menyang ing larikan tengah
menyang larikan katelu, liwat andha kang
menggak-menggok. 9 Bareng anggone yasa
padaleman mau wus rampung, padaleman
mau banjur dipasangi pyan, yaiku palang-
palang ditrapi blabag kayu eres. 10 Sabanjure
bareng anggone ngadegake kamar-kamar
tambahan mubeng wus rampung, yaiku saben
larikan dhuwure limang asta, padaleman mau
nuli ditrapi payon kayu eres.
11 Sawuse mangkono banjur ana
pangandikane Sang Yehuwah marang
Sang Prabu Suleman mangkene: 12 “Bab
padaleman kang lagi sira degake iku, manawa
lakunira manut ing sakehing pranataningSun,
lan tetep nindakake sakehing dhawuhingSun
sarta ora nyimpang saka iku, Ingsun bakal
netepi janjiningSun marang sira kang wus
Sunpangandikakake marang Dawud, ramanira,
13 yaiku manawa Ingsun bakal dedalem ana
ing satengahe wong Israel lan ora bakal nilar
umatingSun Israel.”
14 Bareng Sang Prabu Suleman wus rampung
anggone yasa padaleman iku, 15 temboke
padaleman mau ing jerone dirangkepi blabag
kayu eres; wiwit ing jrambah nganti tekan
ing wengkuning pyan dirangkepi gebyog
kayu eres, nanging jrambahe padaleman
dilapisi blabag kayu beros. 16 Perangane
mburi padaleman mau kang rong puluh

asta banjur didokoki singgetan kayu eres,
wiwit ing jrambah nganti tekan ing blandar
pangeret; perangan iku nuli kadadekake
kamar pungkuran, dadi papan sucining asuci.
17 Perangan ing sangarepe kamar pungkuran
iku dawane patang puluh asta, iku kamar
gedhe. 18 Gebyog kayu eres ing sisih njerone
padaleman mau karengga ing ukir-ukiran
arupa woh labu lan kembang mekar; kabeh
iku kayu eres, ora ana watune kang katon.
19 Dadine kamar pungkuran ing sajrone
padaleman, ing sisih njero dhewe, karakit
mangkono iku, bakal kanggo ndokok pethining
prajanjiane Sang Yehuwah.
20 Kamar pungkuran iku dawane rong puluh
asta, ambane rong puluh asta, dhuwure rong
puluh asta. Iku kalapis ing emas lembaran,
ing ngarepe kadokokan misbyah kayu eres.
21 Sawuse Sang Prabu Suleman nglapisi
sisih njerone padaleman kalawan emas
lembaran, ing sisihe ngarep kamar pungkuran
kapasangan klambu, kang karagangan
rante-rante emas. Kamar mau nuli kalapisan
emas. 22 Padaleman mau warata kalapisan
emas, iya padaleman iku sakabehe; misbyah
ing sangarepe kamar pungkuran iku uga
kalapis emas.
23 Sabanjure ing sajroning kamar pungkuran
diyasakake kerub kayu jaitun alas loro, siji-
sijine dhuwure sapuluh asta. 24 Swiwine kerub
iku kang siji dawane limang asta, lan swiwi
sijine uga limang asta, dadi saka pucuking
swiwi kang siji tekan ing pucuke swiwi sijine

dawane ana sapuluh asta. 25 Kerub sijine
dawane uga sapuluh asta. Kerub loro-lorone
iku ukurane padha sarta wujude uga padha.
26 Kerub kang siji dhuwure sapuluh asta,
kerub sijine uga mangkono. 27 Kerub-kerub iku
diprenahake ana ing satengahe kamar kang
njero dhewe, karo-karone padha ngegarake
swiwine, nganti kerub kang siji nyenggol
tembok kalawan swiwine, lan kerub sijine
nyenggol tembok liyane, dene swiwi-swiwi
kang ana ing satengahe padaleman padha adu
pucuk. 28 Kerub-kerub iku kalapis emas.
29 Temboke padaleman kabeh iku mubeng
rinengga ing gambar kerub, wit kurma tuwin
kembang mekar ukir-ukiran, yaiku ing kamar
jero lan ing kamar njaba. 30 Jrambahing
padaleman uga kalapis emas, ing kamar njero
lan ing kamar njaba. 31 Lawang kang anjog ing
kamar pungkuran iku kang digawe kayu jaitun;
dhempel, pipi lan sirahing lawang, wangune
maju lima. 32 Inebing lawang loro-lorone
kang digawe kayu jaitun sarta karengga
ing gambar kerub, wit kurma lan kembang
mekar ukir-ukiran, banjur kalapis ing emas;
kerube lan wite kurma uga kalapis ing emas.
33 Samono uga lawang kang anjog ing gedhong
gedhe, pipine kang digawe iya kayu jaitun lan
wangune maju pat; inebe loro-lorone kang
digawe kayu beros. 34 Inebe lawang kang siji
awujud rong perangan kang kena kalempit,
samono uga inebe lawang sijine. 35 Iku iya
banjur karengga ing gambar kerub, wit kurma
lan kembang mekar ukir-ukiran, nuli lawang

mau kalapis emas tipis, kang kalapisake ing
gambar ukir-ukiran mau.
36 Sang Prabu banjur yasa tembok plataran
njero nganggo watu tatahan sap telu lan
nganggo kayu eres tatahan sasap.
37 Tetalese padalemane Sang Yehuwah
iku kagawe ing taun kang kaping pat, ing
sajroning sasi Ziw, 38 lan ing sajrone taun kang
kaping sawelas, ing sajrone sasi Bul, yaiku
sasi kang kaping wolu, padaleman mau wus
rampung dalasan sakehing perang-perangane
sarta cocog karo rancangane; dadi Sang Prabu
anggone yasa padaleman iku lawase pitung
taun.

Kratone Sang Prabu Suleman

7:1-12

7 1 Sang Prabu Suleman anggone yasa
kratone lawase nganti telulas taun,
lagi rampung babar pisan kratone iku.
2 Panjenengane ngedegake kamar “Alas
Libanon”, kang dawane satus asta lan ambane
seket asta sarta dhuwure telung puluh asta,
iku kasangga ing saka kayu eres telung
larik mawa krebil kayu eres. 3 Kamar iku ing
dhuwur didokoki epyan kayu eres, tumumpang
ing blandar pangeret kang kasangga ing
saka-saka mau, cacahe patang puluh lima,
kadadekake limalas saben larike. 4 Lan
uga ana cendhelane krepyak telung larik,
padha arep-arepan, telu-telu. 5 Lawange
lan cendhelane kabeh wangune maju pat,

cendhela-cendhelane iku padha arep-arepan,
telu-telu. 6 Sang Prabu uga yasa Bangsal
Saka, kang dawane seket asta, lan ambane
telung puluh asta. Ing ngarepe bangsal iki
ana bangsale maneh kang ing sisih ngarepe
ana sakane lan ana undhak-undhakane.
7 Sang Nata iya yasa Bangsal Singgangsana,
papan kagem nindakake pangadilan, dadine
bangsal pangadilan, kang katutup kalawan
kayu eres wiwit ing jrambah nganti tekan
ing kayu-kayuning epyan. 8 Dene kedhaton
kang didalemi piyambak iku kaprenah ana ing
plataran liyane, kepara menjero katimbang
karo bangsal mau; iku patrap anggone yasa
padha bae. Sabanjure putri putrane Sang
Prabu Pringon, kang kapundhut garwa Sang
Prabu Suleman, uga kayasakake dalem kang
padha kaya bangsal mau.

9 Temboke iku mau kabeh kang digawe watu
kang larang-larang regane, kang ukurane
padha karo watu tatahan, kang njaba njerone
kagraji nganggo graji, wiwit ngisor nganti
tekan ndhuwur, lan uga saka tembok njaba
nganti tekan ing temboking plataran gedhe.
10 Malah tetalese gedhong-gedhong iku kang
digawe watu kang larang-larang, watu kang
gedhe-gedhe, watu kang nyepuluh asta lan
watu kang wolung asta. 11 Ing perangan
ndhuwur ana watune kang larang-larang, kang
ukurane kaya watu tatahan lan kayu eres
uga. 12 Ing sakubenge plataran gedhe ana
temboke watu telung sap lan kayu eres sasap.

Mangkono uga ing sakubenge plataran njero
padalemane Sang Yehuwah lan bangsale.

Piranti-pirantining Padaleman Suci

7:13-51

2Bb 2:13-14, 3:15--5:1

13 Sawuse mangkono Sang Prabu Suleman
utusan nimbali Hiram ing Tirus, 14 iku anak
randha saka taler Naftali, dene bapakne iku
wong Tirus, dadi tukang tembaga. Hiram
iku sugih kapinteran, pangreten lan kawruh
ing bab gegawean tembaga. Iku nuli sowan
marang ngarsane Sang Prabu Suleman lan
banjur nindakake sakehing pagawean kagem
Sang Nata.
15 Hiram tumuli yasa saka tembaga loro,
dhuwure kang siji wolulas asta sarta kena
diubeti tali, kang dawane rolas asta; dene
saka sijine uga kaya mangkono. 16 Sawuse iku
uga banjur gawe krebil loro kang kaetrapake
ing saka-saka mau. Iku kang digawe tembaga
cithakan, dhuwuring krebil mau kang siji
limang asta, dene sijine iya limang asta.
17 Krebil-krebil kang ana ing sadhuwure
saka-saka mau kagawekake nam-naman
loro -- nam-naman iku wujude kawat-kawat
kauntir, kaya dene rante -- nam-naman
kang siji kanggo saka kang siji, dene sijine
kanggo saka sijine. 18 Uga banjur gawe
pepethan woh dlima kang padha kapasang
ing sakubenge nam-naman ing krebil kang
siji, dadi rong larik, kanggo nutupi krebil kang

ana ing dhuwure saka mau; krebil sijine uga
kagawekakake kaya mangkono. 19 Lan krebil ing
dhuwure saka sacedhake bangsal ngarep iku
wangune kaya kembang bakung, dhuwure
patang asta, 20 yaiku krebil ing sadhuwure
saka loro iku, ana ing dhuwur dhewe, ngliwati
nam-naman kang tumumpang ing blendhuking
krebil mau; tuwin pepethan woh dlima rong
atus alarik-larik ana ing sakubenge krebil
kang siji, lan mangkono uga ing sakubenge
krebil sijine. 21 Saka-saka mau nuli diadegake
ana ing sacedhake pendhapa agung. Nalika
ngedegake saka kang tengen, iku dijenengake
Yakhin; bareng ngadegake saka kang kiwa, iku
dijenengake Boas. 22 Sarta sawuse pepethan
kembang bakung iku kadekek ing sadhuwure
saka-saka mau, panggawene saka wus
rampung.
23 Sawuse mangkono Hiram banjur gawe
“segaran” cithakan, kang saka pinggiran kang
siji marang sijine sapuluh asta, wangune
bunder kepleng, dhuwure limang asta, sarta
kang kubenge padha karo tali kang dawane
telung puluh asta. 24 Dene ing sangisore
lambene ana gambare woh labu kang ngubengi
nganti kemput, saben saasta sapuluh nganti
satempuke ing “segaran”; labune mau ana
rong larik, kacithak iras-irasan kalawan
segarane. 25 “Segaran” mau tumumpang
ing pepethan sapi rolas, telu marep ngalor,
telu marep ngulon, telu marep ngidul lan
telu marep ngetan; “segarane” tumumpang
ing ndhuwure, dene buntute sapi-sapi iku

kabeh padha mayuk manjero. 26 Kandeling
“segaran” iku saepek-epek, sarta lambene
kawangun kaya lambening tuwung, kaya
kembang bakung kang mekar. “Segaran” iku
kena diiseni banyu rong ewu bat.
27 Sabanjure digawekakake kreta-panuwak
saka tembaga sepuluh, saben kreta dawane
patang asta, ambane patang asta lan dhuwure
telung asta. 28 Wangune kreta-panuwak iku
mangkene: ana tutupe blabag kang kagapit
ing wengku. 29 Tutup blabag kang kagapit
ing wengku iku ana pepethaning singa,
sapi lan kerub, samono uga ing wengkune;
ing sadhuwure lan ing sangisore singa lan
sapi iku ana pepethane gubahan kembang
kang gumandhul. 30 Kreta-panuwak mau
siji-sijine ana rodhane tembaga papat,
indhene iya tembaga; sarta ing pojoke papat
ana sanggane, kang nyangga jembangan.
Sanggan-sanggan iku cithakan lan ing sisih
njabane saben sanggan ana pepethane
gubahan kembang. 31 Cangkeming kreta-
panuwak iku ana ing jerone sanggan, nongol
mendhuwur saasta; cangkeme iku bunder,
minangka umpak, tuwin jerone karotengah
asta; cangkeme iku uga ana ukir-ukirane,
nanging tutupe blabag mau pesagi kabeh, dadi
ora bunder. 32 Rodhane papat ana ing sangisore
tutup blabag dene indhen-indhening rodha
dumunung ana ing kreta-panuwak mau sarta
dhuwuring rodha karotengah asta. 33 Anggone
gawe rodha iku kaya rodhaning kreta; nanging
indhen-indhene, wengku-wengkune, rujine

lan bose, kabeh cithakan. 34 Sanggan papat
kang ana ing pojoke papat kreta-panuwak
iku panggawene kairas karo kreta iku. 35 Ing
dhuwure kreta-panuwak iku ana blengkere
bunder mubeng, dhuwure satengah asta; ing
sadhuwure kreta iku uga ana cagak-cagake
lan ana tutupe blabag kang panggawene
kairas karo kreta mau. 36 Ing sisihe ngarep
cagak-cagak lan ing tutup blabag mau
ana gambare kerub, singa lan wit kurma
ukir-ukiran, siji-sijine manut papane kang
ana, apadene ing sakubenge ana pepethane
gubahan kembang. 37 Kaya mangkono
panggawene kreta-panuwak sepuluh iku;
anggone nyithak padha, ukurane padha lan
wangune iya padha kabeh.

38 Hiram iya gawe jembangan tembaga
sepuluh, siji-sijine jembangan bisa isi banyu
patang puluh bat, angaping saben jembangan
patang asta sarta saben kreta-panuwak
ditumpangi jembangan siji. 39 Kreta-panuwak
iku kang lima diprenahake ing satengahe
padaleman, lan lima ing sisih kiwane; nanging
"segaran mau didokok ing sisih tengening
padaleman, ing kidul-wetane. 40 Sabanjure
Hiram uga gawe kwali, sorok lan bokor
panyiraman.

Mangkono anggone Hiram ngrampungake
sakehing pagawean kang kudu katindakake
kagem Sang Prabu Suleman kanggo
padalemane Sang Yehuwah, 41 yaiku saka loro
kalawan bunderaning krebil kang kapasang
ing saka iku, sarta nam-naman loro kang

nutupi bunderanning krebil; 42 pepethan woh
dlima patang atus kanggo nam-naman mau,
woh dlima rong larik kanggo nam-naman siji,
kang nutupi bunderaning krebil kang ana ing
sadhuwuring saka, 43 kreta-panuwak sepuluh
lan jembangan sepuluh kang kaprenahake
ing ndhuwur kreta; 44 "segaran" siji lan sapi
rolas kang didokok ing sangisoring "segaran";
45 kwali-kwali, sorok-sorok lan bokor-bokor
panyiraman. Kabeh piranti kang digawe dening
Hiram awit saka dhawuhe Sang Prabu Suleman
kanggo padalemaning Sang Yehuwah iku kang
digawe tembaga sinangling. 46 Sang Prabu
anggone dhawuh nyithak iku kabeh ana ing
Lembah Yarden ing sajroning lemah lempung
ing antarane Sukot lan Sartan. 47 Sarehne
akeh banget, mulane Sang Prabu Suleman
ora dhawuh nimbang sakehing piranti mau;
boboting tembaga iku ora kena dietung.
48 Sang Prabu Suleman uga dhawuh yasa
sakehing prabote padalemaning Sang
Yehuwah, yaiku misbyah emas lan meja emas
kanggo nyelehake roti sesaosan; 49 padamaran
emas murni, ing sisih tengen lima, lan lima
ing sisih kiwa, iku kaprenahake ing ngarepe
kamar mburi; pepethan kembang-kembang,
lampu-lampune lan sapit-sapite, kabeh
emas. 50 Bokor-bokore, lading-ladinge lan
bokor-bokore panyiraman, piring-piringe lan
padupan-padupane, iku kang kagawe emas
murni, esel-esele lawang kamar njero, yaiku
papan sucining-asuci lan esel-esele lawang
kamar gedhe ing Padaleman Suci, uga emas.

51 Ing kono pakaryan kang katindakake dening Sang Prabu Suleman tumrap padalemane Sang Yehuwah, kabeh wus rampung. Sang Prabu Suleman banjur dhawuh nyimpen barang-barang kang suci kagungane Sang Prabu Dawud, ramane, lan selaka, emas sarta barang-barang mau kabeh ana ing gedhong pasimpenan ing padalemane Sang Yehuwah.

PADALEMAN SUCI KARESMEKAKE

8:1-66

Pethi prajanjian kaelih, sarta kamulyaning Yehuwah nglimputi Padaleman Suci

8:1-13

2Bb 5:2--6:2

8 1 Nalika samana Sang Prabu Suleman
ndhawuhake pisowane para pinituwaning
Israel lan sakehe kepalaning suku, yaiku para
panggedhene kulawangsane wong Israel,
kadhawuhan padha nglumpuk ing ngarsane
ana ing Yerusalem prelu ngusung pethi
prajanjiane Sang Yehuwah saka ing kuthane
Sang Prabu Dawud, yaiku Sion. 2 Ing dina
riyaya ing sasi Etanim, yaiku sasi kang kapitu,
wong Israel kabeh padha nglumpuk ana ing
ngarsane Sang Prabu Suleman. 3 Bareng para
pinituwaning Israel wus padha teka kabeh,
para imam banjur padha ngangkat pethi
mau. 4 Kang padha diusungi pethine Sang

Yehuwah lan Tarub Pasewakan sarta sakehe
barang kang suci kang dumunung ana ing
sajroning tarub iku. Iku kabeh padha diusungi
dening para imam lan para wong Lewi.
5 Anadene Sang Prabu Suleman lan sakehe
umat Israel kang wus padha nglumpuk ana
ing ngarsane, padha bebarengan ngadeg ana
ing sangareping tarub tuwin padha nyaosake
kurban wedhus lan sapi kang cacahe ora kena
kawilang utawa kaetung. 6 Sawuse mangkono
para imam banjur padha ngusung pethi
prajanjiane Sang Yehuwah mau menyang
ing panggonane, ing kamare pungkuran
padaleman ing papan sucining-asuci, ing
sangisore bener swiwining kerub, 7 awit
kerub-kerub mau ngegarake swiwine ing
sadhuwure pethi, dadine kerub-kerub iku
ngaubi pethi dalah pikulane. 8 Pikulan iku
marga saka dawane nganti pucuke katon saka
ing papan suci, kang ana ing sangareping
kamar pungkuran, nanging ora katon saka ing
njaba. Iya ana ing kono iku sumelehe nganti
saprene. 9 Ing sajroning pethi iku ora ana
apa-apane kajaba mung watu blabagan loro
kang didekek ing jero kono dening Nabi Musa
ana ing gunung Horeb, yaiku watu blabagan
kang katulisan prajanjian kang dianakake
dening Sang Yehuwah kalawan wong Israel
nalika padha metu saka ing tanah Mesir.
10 Bareng para imam padha metu saka ing
pasucen, padalemane Sang Yehuwah banjur
kalimputan ing mega, 11 nganti para imam ora
tahan ngadeg nindakake pangibadah, marga

saka mega iku, jalaran kamulyaning Yehuwah
ngebeki padalemane Sang Yehuwah.
12 Ing nalika samana Sang Prabu Suleman nuli
ngandika:
“Pangeran Yehuwah wus mrenahake
srengenge ana ing langit,
nanging Panjenengane milaur dedalem
ana ing pepeteng.
13 Kawula sapunika sampun yasa padaleman
kagem Paduka,
papan palereman Paduka ing salami-
laminipun.”

Pangeran Yehuwah netepi prajanjiane marang Sang Prabu Dawud

8:14-21

2Bb 6:3-11

14 Sawuse mangkono Sang Prabu nuli minger
mberkahi sapasamuwane Israel kabeh,
anadene sapasamuwane Israel kabeh padha
ngadeg. 15 Sang Prabu ngandika: “Pinujia
Pangeran Yehuwah, Allahe Israel, kang wus
ngrampungake kalawan astane apa kang wus
kapangandikakake kalawan lesane marang
Sang Prabu Dawud, ramaku, mangkene:
16 Wiwit Ingsun ngirid umatingSun Israel
metu saka ing tanah Mesir, ing antarane
sakehe suku Israel ora ana kutha kang
Sunpilih, kang bakal Sundegi padaleman
kang dadi padalemaning asmaningSun,
nanging Ingsun wus milih Dawud, supaya
ngwasani umatingSun Israel.” 17 Sang Prabu

nuli nglajengake pangandikane: “Ing nalika
Sang Prabu Dawud, ramaku, kagungan karsa
arep ngedegake padaleman kagem asmaning
Pangeran Yehuwah Allahe Israel, 18 Pangeran
Yehuwah ngandika marang panjenengane:
Sira duwe karep bakal ngedegake padaleman
kanggo asmaningSun, karepira mangkono iku
pancen becik; 19 mung bae dudu sira kang
bakal ngedegake padaleman iku, nanging
anakira dhewe, kang besuk bakal lair, iku
kang bakal ngedegake padaleman iku kagem
asmaningSun. 20 Dadine Sang Yehuwah wus
netepi janji kang wus kapangandikakake; aku
wus jumeneng nggenteni Sang Prabu Dawud,
ramaku, lan wus nglungguhi dhamparing
karajan Israel, ngetrepi pangandikane Sang
Yehuwah; aku wus ngedegake padaleman
iki kagem asmane Sang Yehuwah, 21 sarta
nyadhiyakake papan ana ing kana kanggo
pethine, kang ngemot prajanjian kang wus
kaanakake dening Sang Yehuwah kalawan
leluhur kita, nalika padha kairid dening
Panjenengane metu saka ing tanah Mesir.”

Pandongane Sang Prabu Suleman

8:22-53

2Bb 6:12-42

22 Sang Prabu Suleman banjur jumeneng
ana ing ngarepe misbyahe Sang Yehuwah,
kaadhep ing sapasamuwane Israel kabeh,
sarta ngegarake astane marang ing langit
tuwin munjuk: 23 “Dhuh Yehuwah, Gusti

Allahipun Israel, boten wonten Allah ingkang
kados Paduka ing langit nginggil saha ing
bumi ngandhap; Paduka ingkang ngugemi
prajanjian saha sih-kadarman dhumateng
para abdi Paduka, ingkang kanthi gumolonging
manahipun lumampah wonten ing ngarsa
Paduka. 24 Paduka ingkang nglestantunaken
janji Paduka dhumateng abdi Paduka
Prabu Dawud, rama kawula, saha ingkang
sampun netepi kalayan asta Paduka, punapa
ingkang sampun Paduka pangandikakaken
kalayan lesan Paduka, kadosdene ingkang
kalampahan ing dinten punika. 25 Milanipun
sapunika, dhuh Yehuwah, Gusti Allahipun
Israel, Paduka mugi karsaa ngugemi punapa
ingkang Paduka janjekaken dhateng abdi
Paduka Prabu Dawud, rama kawula, kalayan
pangandika Paduka: Turunira ora bakal
punggel ana ing ngarsaningSun lan bakal
tetep nglungguhi dhamparing karajan Israel,
anggere turun-turunira lestari lumaku ana
ing ngarsaningSun, padha kaya anggonira
lumaku ana ing ngarsaningSun. 26 Milanipun
sapunika, dhuh Gusti Allahipun Israel, mugi
ta kayektosana kiyating janji ingkang sampun
Paduka pangandikakaken dhumateng abdi
Paduka Prabu Dawud, rama kawula.

27 Nanging punapa inggih sayektos Gusti
Allah badhe dedalem wonten ing bumi?
Saestunipun langit, malah sanadyan langit
ingkang wonten ing sanginggilipun langit
sadaya, boten saged ngewrat Paduka, punapa
malih padaleman ingkang kawula degaken

punika. 28 Milanipun Paduka mugi karsaa
midhangetaken pandonga saha panyuwunipun
abdi Paduka punika, dhuh Yehuwah, Gusti Allah
kawula, mugi karsaa miyarsakaken panguwuh
tuwin pandonga ingkang kaunjukaken dening
abdi Paduka wonten ing ngarsa Paduka
ing dinten punika! 29 Mugi Paduka karsaa
mirsani padaleman punika kalayan paningal
Paduka, rinten kalayan dalu, inggih panggenan
ingkang Paduka ngandikakaken: AsmaningSun
bakal dumunung ana ing kono. Mugi Paduka
karsaa midhangetaken pandonga ingkang
kaunjukaken ing abdi Paduka wonten ing
panggenan punika. 30 Punapa dene karsaa
miyarsakaken panyuwunipun abdi Paduka
saha umat Paduka Israel ingkang kaunjukaken
wonten ing panggenan punika; inggih Paduka
ingkang midhangetaken wonten ing papan
padaleman Paduka ing swarga: lan manawi
Paduka miyarsakaken, Paduka inggih badhe
paring pangapunten.
31 Manawi wonten tiyang ingkang sampun
damel dosa dhateng mitranipun, lajeng
dipun wajibaken supaos kalayan ngipat-ipati
badanipun piyambak, saha nunten supaos
wonten ing sangajengipun misbyah Paduka
ing salebeting padaleman punika, 32 Paduka
mugi inggih karsaa miyarsakaken wonten
ing swarga saha tumindak ngadili para abdi
Paduka, inggih punika mratelakaken lepatipun
tiyang ingkang lepat kalayan ngebregaken
pandamelipun dhateng tiyang punika
piyambak, nanging mratelakaken leresipun

tiyang ingkang leres kalayan paring piwales
dhateng tiyang wau ingkang selaras kaliyan
kaleresanipun.
33 Manawi umat Paduka Israel
dipun kawonaken dening mengsahipun amargi
nglampahi dosa dhumateng Paduka, mangka
lajeng sami wangsul mratobat dhumateng
Paduka saha ngakeni asma Paduka sarta
sami ndedonga tuwin nyenyuwun dhumateng
Paduka wonten ing padaleman punika,
34 Paduka mugi karsaa miyarsakaken wonten
ing swarga saha karsaa ngapunten dosaning
umat Paduka Israel lan karsaa mangsulaken
dhateng ing tanah ingkang sampun Paduka
paringaken dhateng leluhuripun.

35 Manawi langit mineb, satemah boten
wonten jawah, amargi tiyang-tiyang wau sami
nglampahi dosa dhumateng Paduka, mangka
lajeng ndedonga wonten ing panggenan
punika sarta ngakeni asma Paduka saha
sami nyingkur dhateng dosanipun, jalaran
sampun Paduka tindhes,
36 mugi Paduka
karsaa midhangetaken wonten ing swarga
saha karsaa ngapunten dosaning abdi-abdi
Paduka, inggih umat Paduka Israel punika
-- amargi Paduka ingkang sampun paring
pitedah bab margi ingkang sae ingkang kedah
dipun anut -- saha mugi Paduka karsaa paring
jawah dhumateng siti Paduka ingkang sampun
Paduka paringaken dhateng umat Paduka
dados tanah-pusakanipun.

37 Manawi ing nagari ngriki katempuh ing
paceklik, manawi kataman ing pageblug,
ama saha penyakit gandum, walang utawi

walang kethaha, manawi mengsah damel
rupekipun tiyang-tiyang wau wonten ing salah
satunggaling kithanipun, manawi wonten
wewelak utawi sesakit punapa kemawon,
38 lajeng wonten tiyang utawi umat Paduka
Israel punika sadaya sami ngunjukaken
pandonga sarta panyuwunan wonten ing
padaleman punika kalayan ngulukaken
tanganipun -- awit satunggal-satunggalipun
sumerep punapa ingkang damel judheging
manahipun piyambak punika -- 39 Paduka
mugi inggih karsaa midhangetaken wonten
ing swarga, papan padaleman Paduka
ingkang tetep, saha Paduka mugi karsaa
paring pangapunten, karsaa tumindak
tuwin paring piwales dhumateng sinten
kemawon ingkang salaras kaliyan sakathahing
lampah-lampahipun, awit Paduka nguningani
manahipun -- amargi namung Paduka ingkang
nguningani manahipun sadaya para anaking
manungsa -- 40 supados tiyang-tiyang wau
sami ajrih dhumateng Paduka ing salaminipun
sami gesang wonten ing tanah ingkang
sampun Paduka paringaken dhumateng
leluhur kawula sadaya.
41 Makaten ugi manawi wonten tiyang manca,
ingkang boten kagolong umat Paduka Israel,
ingkang dhateng saking nagari ingkang
tebih margi saking asma Paduka, -- 42 awit
temtu badhe wonten tiyang ingkang kepengin
mirengaken bab asma Paduka ingkang ageng
saha bab asta Paduka ingkang santosa saha
lengen Paduka ingkang Paduka acungaken

-- saha dhatengipun wau prelu ndedonga
wonten ing padaleman punika, 43 mugi
Paduka ugi karsa midhangetaken wonten ing
swarga, papan padaleman Paduka ingkang
tetep, punapa dene Paduka mugi karsaa
tumindak salaras kaliyan sadaya ingkang
dipun unjukaken dening tiyang manca wau
dhumateng Paduka, supados sadaya bangsa
ing bumi sami tepang kaliyan asma Paduka,
satemah sami ajrih dhumateng Paduka kados
dene umat Paduka Israel saha lajeng sami
sumerep, bilih asma Paduka kaucapaken
tumrap ing padaleman ingkang sampun
kawula degaken punika.
44 Samangsa umat Paduka ngedali perang
nglawan mengsahipun, dhatenga pundi
kemawon anggen Paduka ndhawuhi, tuwin
manawi lajeng sami ndedonga dhumateng
Pangeran Yehuwah kalayan majeng dhateng
ing kitha ingkang sampun Paduka pilih saha
dhateng padaleman ingkang sampun kawula
degaken kagem asma Paduka, 45 Paduka mugi
karsaa miyarsakaken wonten ing swarga
dhateng pandonga saha panyuwunipun
punapa dene Paduka mugi karsaa paring
kaadilan dhumateng tiyang-tiyang wau.
46 Manawi sami tumindak dosa dhumateng
paduka -- amargi boten wonten tiyang
ingkang tanpa dosa -- saha Paduka lajeng
duka dhateng tiyang-tiyang wau lan Paduka
pasrahaken dhateng mengsah, satemah
nunten sami kaboyong dados tawanan
dhateng ing nagarining mengsah ingkang tebih

utawi ingkang celak; [47] mangka lajeng sami
enget ing salebeting manahipun wonten ing
tanah pamboyongan wau, saha nunten sami
mratobat tuwin sami sesambat dhumateng
Paduka wonten ing tanahipun ingkang sami
mboyongi punika, saha sami munjuk: Kawula
sampun sami nglampahi dosa, sami kalepatan
tuwin tumindak duraka, [48] manawi lajeng sami
wangsul mratobat dhumateng Paduka kalayan
gumolonging manahipun sarta gumolonging
nyawanipun wonten ing nagarinipun mengsah
ingkang mboyongi kadadosaken tawanan
wau, punapa malih manawi sami ndedonga
dhumateng Paduka kalayan majeng dhateng
ing nagarinipun ingkang sampun Paduka
paringaken dhumateng leluhuripun, dhateng
kitha ingkang sampun Paduka pilih saha
dhateng ing padaleman ingkang sampun
kawula degaken kagem asma Paduka,
[49] Paduka mugi karsaa midhangetaken
wonten ing swarga, papan padaleman Paduka
ingkang tetep, dhumateng pandonga tuwin
panyuwunanipun saha Paduka mugi karsaa
paring kaadilan dhumateng tiyang-tiyang wau.
[50] Paduka mugi karsaa paring pangapunten
dhumateng umat Paduka ingkang sampun
dosa dhumateng Paduka punika, karsaa
ngapunten sakathahing panerakipun ingkang
katandukakaken dhumateng Paduka punika,
saha mugi Paduka karsaa ndadosaken
tiyang-tiyang wau sami tampi sih-piwelasipun
para tiyang ingkang mboyongi kadadosaken
tawanan, satemah lajeng sami dipun welasi,

51 awit punika umat Paduka tuwin kagungan
Paduka, ingkang sampun Paduka irid medal
saking tanah Mesir saking satengahing dhapur
pangleburan tosan.
52 Paduka mugi karsaa mbikak paningal
Paduka tumrap panyuwunanipun abdi
Paduka saha tumrap panyuwunanipun umat
Paduka Israel sarta mugi Paduka karsaa
midhangetaken dhumateng tiyang-tiyang wau,
kaping pinten kemawon anggenipun sami
nyenyuwun dhumateng Paduka. 53 Amargi
Paduka ingkang sampun misahaken tiyang-
tiyang wau saking antawisipun sadaya bangsa
ingkang wonten ing bumi, Paduka dadosaken
kagungan Paduka, kadosdene ingkang sampun
Paduka pangandikakaken lumantar Nabi Musa,
abdi Paduka, nalika Paduka ngirid leluhur
kawula sadaya medal saking ing tanah Mesir,
dhuh Pangeran Yehuwah!”

Berkah lan pamuji

8:54-61

2Bb 7:1-3

54 Bareng Sang Prabu Suleman wus rampung
anggone ngunjukake sakehe pandonga
lan panyuwunan marang Sang Yehuwah,
panjenengane banjur jumeneng saka ing
sangarepe misbyahe Sang Yehuwah yaiku
sawuse jengkeng kalawan ngegarake astane
marang ing langit. 55 Panjenengane nuli
jumeneng lan mberkahi sapasamuwane Israel
kabeh kalawan swara sora, pangandikane:

[56]“Pinujia Pangeran Yehuwah kang paring
papan pangasoan marang umate Israel,
ngetrepi apa kang kapangandikakake; sakehe
kang becik, kang wus kajanjekake lumantar
Nabi Musa, abdine, ora ana siji bae kang
ora ditetepi. [57]Pangeran Yehuwah Allah kita,
muga karsaa nunggil kalawan kita, kayadene
wus nunggil kalawan leluhur kita, muga
Panjenengane aja nganti nilar kita lan aja
nganti negakake kita, [58]nanging ati kita muga
kagendenga marang ing Panjenengane, supaya
laku kita metu ing sakehing dalan kang wus
katedahake lan supaya kita lestari nindakake
sakehe dhawuhe tuwin katetepane sarta
pranatane kang kadhawuhake marang leluhur
kita. [59]Tembung kang wus dakunjukake
marang Sang Yehuwah mau, muga cedhaka
kalawan Sang Yehuwah, Allah kita, rina
lan wengi, supaya Panjenengane banjur
paring kaadilan marang abdine lan marang
umate Israel, mawa-mawa kabutuhane ing
sadina-dina, [60]supaya sakehing bangsa ing
bumi padha sumurup, manawa Sang Yehuwah
iku Gusti Allah, lan ora ana liyane, [61]sarta
muga kowe kabeh padha lumadi marang
Pangeran Yehuwah, Gusti Allah kita, kalawan
gumolonging atimu apadene lakumu muga
mituruta ing sakehe katetepane sarta tansah
nindakake sakehing prentahe kaya dene ing
dina iki.”

Kurban kanggo ngresmekake Padaleman Suci lan pahargyane

8:62-66

2Bb 7:4-10

62 Sang Prabu kalawan wong Israel kabeh
banjur nyaosake kurban sembelehan ana
ing ngarsaning Sang Yehuwah. 63 Minangka
kurban slametan marang Sang Yehuwah, Sang
Prabu Suleman nyaosake sapi rolikur ewu lan
wedhus satus rongpuluh ewu. Kaya mangkono
Sang Prabu lan wong Israel kabeh anggone
ngresmekake padalemane Sang Yehuwah
mau.
64 Ing dina iku uga Sang Prabu nucekake
tengah-tengahe plataran ing sangarepe
padalemane Sang Yehuwah, amarga iya ana
ing kono iku anggone panjenengane nyaosake
kurban obaran, kurban dhaharan lan sakehe
gajihe kurban slametan, amarga misbyah
tembaga kang ana ing ngarsane Sang Yehuwah
iku keciliken manawa kanggo ndekekake
kurban obaran lan kurban dhaharan sarta
sakehe gajihe kurban slametan mau.
65 Sang Prabu Suleman ing wektu iku
uga banjur nganakake pahargyan ana ing
ngarsane Pangeran Yehuwah, Gusti Allah
kita, lawase pitung dina, bebarengan karo
wong Israel kabeh, sawijining pasamuwan
kang gedhe wiwit ing dalan lumebu marang
Hamat nganti tekan ing kaline Mesir. 66 Ing
dina kang kaping wolu wong akeh mau padha

kadhawuhan bubaran. Wong-wong iku nuli padha nyuwunake berkah Sang Prabu, sawuse mangkono banjur padha mulih menyang ing tarube dhewe-dhewe kalawan suka-suka lan bungah-bungah ing bab sakehing prakara kang becik kang katandukake dening Sang Yehuwah marang Sang Prabu Dawud, abdine, lan marang wong Israel, umate.

Pangeran Yehuwah ngatingal kang kaping pindhone marang Sang Prabu Suleman

9:1-9

2Bb 7:11-22

9 1 Bareng Sang Prabu Suleman wus
rampung anggone yasa padalemane
Sang Yehuwah lan kratone Sang Prabu
sarta anggone damel samubarang kabeh
kang dikersakake, 2 Pangeran Yehuwah nuli
ngatingal marang Sang Prabu Suleman
kang kaping pindhone, kaya nalika ngatingal
ana ing Gibeon. 3 Pangandikane Sang
Yehuwah marang panjenengane mangkene:
“Ingsun wus midhangetake pandonga lan
panyuwunira kang sira unjukake marang
Ingsun; Ingsun wus nucekake padaleman kang
sira yasa kagem paleremaning asmaningSun
ing salawas-lawase. PaningalingSun lan
galihingsun bakal tansah ana ing kono.
4 Anadene sira, manawa lakunira ana ing
ngarsaningSun padha kaya Dawud, ramanira,
kalawan ati mulus lan jujur sarta tumindakira
nocogi sakehing dhawuhingSun marang sira,

tuwin manawa sira tetep nglakoni sakehing
katetepaningSun lan pranataningSun, [5] Ingsun
bakal nyantosakake dhamparing karajanira
tumrap Israel nganti ing salawas-lawase
kaya kang wus dakjanjekake marang Dawud,
ramanira, kalawan pangandikaningSun:
Turunira ora bakal kapethal saka ing
dhamparing karajan Israel. [6] Nanging manawa
sira lan anak-anakira padha ngungkurake
Ingsun lan ora netepi sakehing dhawuh lan
katetepaningSun kang wus Sunparingake
marang sira, tuwin banjur padha lunga
ngabekti marang allah liyane sarta sujud
nyembah marang iku, [7] wong Israel bakal
Sunsirnakake saka ing tanah kang wus
Sunparingake, tuwin padaleman kang wus
Sunsucekake kagem asmaningSun iku bakal
Sunbucal saka ing ngarsaningSun; ing kono
Israel bakal dadi pocapan lan pepoyokan ana
ing antarane sakehe para bangsa. [8] Sabanjure
padaleman iki bakal dadi jugrugan, satemah
saben wong liwat bakal gumun, singsot sarta
celathu: Apa sababe dene Pangeran Yehuwah
matrapi kang mangkono iku marang nagara iki
lan marang padalemane iki? [9] Ing kono wong
bakal celathu: Amarga wong-wong padha
ninggal Pangeran Yehuwah, Gusti Allahe, kang
wus ngirid para leluhure metu saka ing tanah
Mesir lan marga saka anggone padha rumaket
marang allah liyane tuwin sujud nyembah
sarta ngabekti marang iku. Yaiku mulane
Pangeran Yehuwah banjur ndhatengake
sakehe bilahi iki marang wong-wong iku.”

Pambudi-dayane Sang Prabu Suleman sawatara

9:10-28

2Bb 8:1-18

10 Sawuse rong puluh taun Sang Prabu
Suleman anggone yasa padaleman loro
mau wus rampung, yaiku padalemaning
Yehuwah lan kadhatoning Sang Prabu.
11 Ing sarehne Sang Prabu Hiram, ratu ing
Tirus, wus mbiyantu Sang Prabu Suleman
kayu eres, kayu beros lan emas, sapira
kang dikarsakake, mulane ing nalika iku
Sang Prabu Suleman banjur nyaosi marang
Sang Prabu Hiram kutha ing tanah Galilea
rong puluh.
12 Nanging bareng Sang Prabu
Hiram rawuh saka ing Tirus prelu mirsani
kutha-kutha kang dicaosake dening Sang
Prabu Suleman marang panjenengane iku,
kabeh iku kurang gawe renaning panggalihe.
13 Mulane pangandikane: "Kitha-kitha punapa
ingkang panjenengan paringaken dhateng
kula punika, sadherek?" Mulane tekan saprene
wewengkone kutha-kutha mau banjur karan
tanah Kabul.
14 Dene Sang Prabu Hiram wus
ngintunake satus rong puluh talenta emas
marang Sang Prabu.

15 Anadene anggone para wong nyangga
karya kaklempakake dening Sang Prabu
Suleman iku mangkene: Wong mau padha
diklempakake kagem yasa padalemaning
Pangeran Yehuwah, kadhatoning Sang Prabu,

beteng Milo lan temboke kutha Yerusalem
sarta uga didhawuhi nyantosani kutha Hazor,
Megido lan Gezer -- [16] Sabab Sang Prabu
Pringon, ratu ing Mesir, wus majeng perang
lan ngrebat kutha Gezer, kang banjur kaobong
sarta para wong Kanaan kang manggon ing
kono padha dipateni. Sawuse mangkono kutha
mau nuli kaparingake marang putrane putri,
garwane Sang Prabu Suleman, minangka
ganjaran nalika kramane; [17] kutha Gezer
iku banjur disantosani dening Sang Prabu
Suleman. -- Ana maneh wong nyangga karya
kang padha didhawuhi nglumpuk ana ing kutha
Bet-Horon Lebak, [18] ing Baalat, ing Tamar ing
pasamunan kang ana ing tanah Yehuda [19] lan
ing sakehe kutha pasimpenan kagungane Sang
Prabu Suleman, ing kutha-kutha panggonane
kareta, ing kutha-kutha panggonaning wong
nunggang jaran sarta ana ing ngendi bae
kang dikarsakake Sang Prabu Suleman
anggone arep yeyasa ana ing Yerusalem
ana ing gunung Libanon, utawa ana ing
sawewengkone nagara kang dikwaosi kabeh.
[20] Sakehe kekarene bangsa Amori, bangsa
Het, bangsa Feris, bangsa Hewi lan bangsa
Yebus, kang ora kagolong bangsa Israel,
[21] yaiku wong-wong kang isih padha manggon
ing nagara kono turune bangsa-bangsa mau
lan kang ora bisa ditumpes dening Israel, iya
wong-wong iku kang padha diklempakake
dening Sang Prabu Suleman kadadekake
abdi nyangga karya, mangkono iku nganti
saprene. [22] Nanging wong Israel ora ana kang

kadadekake abdi kaya mangkono dening Sang Prabu Suleman; iku padha kadadekake prajurit, abdi dalem, panggedhe, opsir utawa panggedhening wadya-bala kang nunggang kreta lan wadya-bala jaranan.
23 Iki para pemimpin umum kang manggedheni pakaryane Sang Prabu Suleman: limang atus seket cacahe wong kang padha ngereh wong akeh kang nglakoni pagawean mau.
24 Sawuse putri putrane Sang Prabu Pringon pindhah saka ing kutha Dawud menyang ing dalem anggone ngyasakake Sang Prabu Suleman, Sang Prabu enggal banjur yasa Milo.
25 Saben taun Sang Prabu Suleman caos kurban obaran lan kurban kaslametan ping telu ana ing misbyah kang kaadegake kagem Pangeran Yehuwah sarta mbesmi dupa ana ing ngarsaning Sang Yehuwah. Mangkono wus rampung anggone yasa padaleman mau.
26 Sang Prabu Suleman uga yasa kapal-kapal ana ing Ezion-Geber kang ana ing sacedhake Elot, ing sapinggire Sagara Teberau, ing tanah
Edom, 27 kapal-kapal iku kaagem dening Sang Prabu Hiram ngintunake para abdine, yaiku para punggawa kapal kang padha ngreti bab sagara, mbarengi para abdine Sang Prabu
Suleman. 28 Lakune tekan ing Ofir, ana ing kono padha njupuk emas patang atus rong puluh talenta kang banjur padha kaaturake marang Sang Prabu Suleman.

Sang Ratu ing nagara Syeba maratamu

10:1-13

2Bb 9:1-12

10 [1] Nalika ratu ing nagara Syeba mireng
pawarta bab Sang Prabu Suleman
gandheng karo asmane Sang Yehuwah,
panjenengane banjur rawuh arep nguji
kalawan cangkriman. [2] Rawuhe ing Yerusalem
kadherekake ing wadya-bala kang gedhe
banget, kalawan unta kang padha diemoti
bumbu-bumbu, emas akeh tuwin sesotya
kang larang-larang. Bareng wus rawuh ana
ing ngarsane Sang Prabu Suleman banjur
ngaturake isining panggalihe kabeh. [3] Dene
Sang Prabu Suleman nyaosi wangsulan tumrap
sakehe pandangune Sang Raja Putri mau;
tumrap Sang Prabu Suleman ora ana prakara
kang samar, kang nganti ora bisa kawangsulan.
[4] Nalika ratu ing nagara Syeba nguningani
sakehing kawicaksananane Sang Prabu Suleman
lan padaleman kang wus kayasa, [5] dhaharan
ing mejane, patrap anggone para abdine
padha lungguh ngadhep, patrap anggone
para peladen padha leladi lan anggone padha
manganggo, pangunjukane tuwin kurban
obaran kang saben-saben kacaosake ana ing
padalemaning Pangeran Yehuwah, Sang Raja
Putri banget erame. [6] Banjur matur marang
Sang Prabu: "Pancen saestu leres pawartos
ingkang kula pireng wonten ing nagari kula
bab panjenengan tuwin bab kawicaksanan

panjenengan, 7 nanging kula boten pitados
dhateng pitembungan-pitembungan punika,
ngantos kula lajeng mriki saha nyumerepi
piyambak; sayektos sapalihipun kemawon
dereng wonten ingkang kawartosaken dhateng
kula; ing bab kawicaksanan tuwin karaharjan
panjenengan nglangkungi kabar ingkang
kula pireng. 8 Begja para garwa panjenengan
punika, begja para abdi panjenengan ingkang
tansah ngladosi panjenengan lan nyumerepi
kawicaksanan panjenengan! 9 Pinujia Pangeran
Yehuwah, Gusti Allah panjenengan, ingkang
sampun karenan dhumateng panjenengan,
satemah lajeng nglenggahaken panjenengan
ing dhamparing karajan Israel! Sarehne
Pangeran Yehuwah asih dhateng tiyang
Israel ing salami-laminipun, mila nunten
njumenengaken panjenengan dados ratu
supados nindakaken kaadilan saha kaleresan."
10 Sang Prabu Suleman banjur kacaosan emas
satus rong puluh talenta, anggi-anggi akeh
banget lan sesotya kang larang-larang; ora
tau ana anggi-anggi maneh kang teka kang
samono akehe, kaya kang dicaosake dening
ratu ing nagara Syeba marang Sang Prabu
Suleman mau.
11 Sarta maneh kapal-kapale Sang Prabu
Hiram, kang padha ngangkati emas saka
ing Ofir, uga momot kayu cendhana lan
sesotya kang larang-larang saka ing Ofir akeh
banget. 12 Kayu cendhana iku kaagem dening
Sang Prabu damel barang dandanan kanggo
padalemaning Pangeran Yehuwah tuwin

kadhatoning Sang Prabu lan uga didadekake clempung lan slukat kanggo para penyanyi; kayu cendhana kang kaya mangkono iku saprene ora ana kang teka lan ora ana kang katon maneh.
13 Sang Prabu Suleman nyaosi marang ratu ing nagara Syeba apa bae kang dikarsakake lan kang dipundhut, iku kajabane apa kang wus dicaosake marang panjenengane kang kagalih wus pantes dening Sang Prabu Suleman. Sang Raja Putri nuli kondur menyang ing nagarane kadherekake dening para abdine.

Pamedale Sang Prabu Suleman dalah kasugihane

10:14-29

2Bb 9:13-28

14 Anadene emas kang diladekake marang Sang Prabu Suleman iku ing sajroning sataun bobote ana nem atus sawidak nem talenta,
15 iku durung kapetung kang diunjukake dening para sudagar lan para pedagang sarta dening para ratu ing tanah Arab tuwin para bupati ing nagara kono.
16 Sang Prabu Suleman yasa tameng gedhe rong atus, kang digawe emas gemblengan, saben tameng gedhe siji emase nem atus
sekel; 17 panjenengane uga yasa tameng cilik telung atus, kang digawe uga emas gemblengan, siji-sijine emase telung mena; Sang Prabu banjur dhawuh nyimpen iku mau kabeh ana ing gedhong “Alas Libanon”.

18 Sang Prabu uga yasa dhampar gadhing
gedhe, kang sinelut ing emas murni.
19 Dhampar iku sungsun enem; sing sisih
mburi ana endhas-endhasane bunder,
lan ing sisih kiwa-tengene palenggahan
ana lengenane. Ing sandhinging lengenan
mau ana pepethaning singa loro, 20 dene
ing sandhuwure undhak-undhakan ing
kiwa-tengene ana singane rolas kang padha
ngadeg; durung tau ana karajan kang yasa
barang gegawean kang kaya mangkono iku.
21 Sakehing piranti kang kagem ngunjuk
Sang Prabu Suleman kang digawe emas
lan sakehe barang kang ana ing gedhong
“Alas Libanon” iku kang digawe emas murni;
ora ana barang salaka, awit nalika jamane
Sang Prabu Suleman panganggepe wong
salaka iku tanpa aji. 22 Sabab Sang Prabu
kagungan kapal-kapal Tarsis ana ing sagara
kang manunggal karo kapal-kapale Sang
Prabu Hiram, lan saben telung taun sepisan
kapal-kapal Tarsis mau teka nggawa emas,
salaka lan gadhing, uga kethek lan manuk
merak. 23 Kasugihan lan kawicaksanane
Sang Prabu Suleman iku ngluwihi sakehing
ratu ing bumi. 24 Wong saindenging jagad
padha ngupaya pangayunane Sang Prabu
Suleman prelu nyumurupi kawicaksanan
kang wus kaparingake dening Gusti Allah
ana ing sajroning panggalihe. 25 Saben
wong kang sowan nggawa pisungsung arupa
barang-barang salaka lan barang-barang

emas, pangageman, gegaman, anggi-anggi,
jaran lan bihal, lumintu ing saben taun.
26 Sang Prabu Suleman uga nglempakake
kreta lan wadya-bala jaranan, nganti banjur
kagungan kreta sewu patang atus lan
wadya-bala jaranan rolas ewu, kabeh iku
kapapanake ana ing kutha-kutha kang mligi
kanggo ngandhangake kreta, cedhak karo
Sang Prabu ana ing Yerusalem.
27 Sang Prabu anggone ndhatengake salaka
ana ing Yerusalem kehe nganti kaya watu.
Kehe wit eres nganti kaya wit sikmah kang
tuwuh ana ing Sefela.
28 Jaran kagem Sang Prabu Suleman
ditekakake saka ing Misraim lan ing Kewe;
para sudagare Sang Prabu anggone kulak saka
Kewe kalawan rega pasar. 29 Kreta kang saka
ing Misraim iki siji nganti rega nem atus sekel
salaka, dene jaran nganti rega satus seket
sekel; iku mau kabeh uga dikirimake marang
sakehe para ratune bangsa Het lan para ratu
ing tanah Aram lan iya lumantar para sudagar
iku.

Sang Prabu Suleman dhumawah ing dosa, nyembah marang brahala

11:1-13

11 1 Anadene Sang Prabu Suleman iku
remen mundhut garwa putri ngamanca
akeh. Kajaba putri putrane Sang Prabu
Pringon, uga putri Moab, Amon, Edom, Sidon
lah Het, 2 mangka ing bab bangsa-bangsa

iku Pangeran Yehuwah wus ngandika marang
wong Israel mangkene: “Sira aja padha
srawungan kalawan bangsa-bangsa iku, lan
bangsa-bangsa iku aja nganti srawungan
kalawan sira kabeh, amarga wong-wong
iku mesthi bakal nggendeng atinira marang
allah-allahe.” Panggalihe Sang Prabu Suleman
wus tresna banget marang putri-putri mau.
3 Garwane kang trahe wong luhur kehe pitung
atus, dene garwane selir telung atus; para
garwane iku padha nggendeng panggalihe
saka ing pangayunaning Pangeran Yehuwah.
4 Awit nalika Sang Prabu Suleman wus sepuh,
para garwane padha ngengokake panggalihe
supaya ngabekti marang allah-allah liyane,
satemah banjur wus ora meleng anggone
rumaket marang Pangeran Yehuwah, Gusti
Allahe, kaya Sang Prabu Dawud, kang
rama.
5 Kaya ta Sang Prabu Suleman tumuli
ngabekti marang Asytoret, dewa-dewaning
wong Sidon, lan marang Milkom, dewaning
kanisthan sesembahane wong Amon,
6 sarta
Sang Prabu Suleman banjur nindakake apa
kang ala ana ing paningaling Yehuwah, sarta
angone ngabekti marang Pangeran Yehuwah
ora kanthi gumolonging panggalih kayadene
Sang Prabu Dawud, kang rama.
7 Ing nalika
iku Sang Prabu Suleman ngedegake tengger
pangurbanan kanggo Kamos, dewaning
kanisthan sesembahaning wong Moab,
ana ing gunung ing sawetane Yerusalem,
lan kanggo Molokh, dewaning kanisthan
sesembahane wong bani Amon.
8 Mangkono

uga panjenengane iya nindakake iku kanggo
para garwane kabeh, putri-putri ngamanca,
kang padha caos kurban arum-arum lan
kurban sembelehan marang para allahe.
9 Marga saka iku Sang Yehuwah banjur
duka marang Sang Prabu Suleman, awit
panggalihe wus nyimpang saka Pangeran
Yehuwah, Gusti Allahe Israel, kang wus kaping
pindho ngatingal marang panjenengane,
10 sarta kang wus paring dhawuh ing bab
iki marang panjenengane, supaya aja
nganti manut marang allah-allah liyane,
nanging panjenengane ora nindakake apa
kang kadhawuhake dening Sang Yehuwah.
11 Pangeran Yehuwah banjur ngandika marang
Sang Prabu Suleman: "Sarehne sira nglakoni
mangkono, yaiku sira ora nggondheli marang
prajanjian lan sakehing katetepaningSun kang
wus Sundhawuhake marang sira, mulane
lah Ingsun bakal nyuwek karajan iku saka
ing sira lan bakal Sunparingake marang
abdinira. 12 Mung bae, ing sajrone sira isih
urip, bab iku durung Suntindakake marga
saka Dawud, bapakira; anggoningSun bakal
nyuwek besuk saka ing tangane anakira.
13 Sanadyan mangkono karajan iku ora bakal
Sunsuwek babar pisan, ana taler siji kang
bakal Sunparingake marang anakira marga
saka abdiningSun Dawud lan marga saka
Yerusalem kang wus Sunpilih."

Para mungsuhe Sang Prabu Suleman

11:14-40

[14] Sawuse mangkono Pangeran Yehuwah
banjur nganakake mungsuh kang nglawan
Sang Prabu Suleman, yaiku Sang Hadad,
priyagung Edom, tedhake ratu Edom. [15] Bareng
Sang Prabu Dawud wus ngawonake wong
Edom, Senapati Yoab nuli tindak, ngubur
para wong kang padha mati sarta sawuse
mangkono banjur nyirnakake sakehing wong
lanang ing Edom, [16] nganti nem sasi lawase
anggone Sang Yoab lereb ana ing kono
kalawan Israel kabeh, nganti sakehing wong
lanang ing Edom wus padha sirna kabeh.
[17] Nanging Sang Hadad oncat, bebarengan
karo punggawa sawatara, abdine kang rama,
lan ngungsi menyang Mesir; anadene Sang
Hadad iku isih timur banget. [18] Anggone
padha mangkat saka ing Midian, banjur
menyang ing Paran. Ana ing kono ngajak wong
sawatara nuli tekan ing Mesir ing ngarsane
Sang Prabu Pringon, ratu ing Mesir. Sang
Hadad kaparingan dalem, lan ditemtokake
blanjane sarta diparingi bumi dening Sang
Prabu. [19] Sang Prabu Pringon tresna banget
marang Sang Hadad, nganti diparingi garwa,
yaiku rayine garwane piyambak, rayine Sang
Prameswari Takhpenes. [20] Rayine Sang Putri
Takhpenes iku tumuli kagungan putra kakung,
kang kaparingan asma Genubat; iki banjur
kasapih dening Sang Putri Takhpenes ana ing

kadhatone Sang Prabu Pringon, mulane Sang
Genubat mau dumunung ana ing satengahe
para putrane Sang Prabu Pringon piyambak.
21 Nalika kapireng dening Sang Hadad saka ing
Mesir manawa Sang Prabu Dawud wus sumare
nunggil kalawan para leluhure, sarta Senapati
Yoab uga wus seda, Sang Hadad tumuli
munjuk marang Sang Prabu Pringon: "Kawula
kalilana wangsul dhateng ing nagari kawula."
22 Sang Prabu Pringon banjur ndangu: "Sira
kekurangan apa ta ana ing ngarsaningsun?"
Atur wangsulane: "Kawula boten kekirangan
punapa-punapa, nanging sanadyan makaten,
kawula kalilana kesah."
23 Gusti Allah uga nganakake mungsuh
maneh kang nglawan Sang Prabu Suleman,
yaiku Rezon bin Elyada, kang wus minggat
saka ing ngarsane gustine, yaiku Sang Prabu
Hadadezer, ratu ing nagara Zoba. 24 Iku
nglumpukake wong lan banjur dadi kepala
grombolan. Nalika arep padha kasirnakake
dening Sang Prabu Dawud, tumuli padha
sumingkir menyang ing Damsyik lan padha
manggon ana ing kono sarta banjur ngangkat
Rezon kadadekake ratu. 25 Iya panjenengane
iku kang dadi mungsuhe Israel ing salawase
sugenge Sang Prabu Suleman lan kang
ndhatengake kasangsaran kayadene Sang
Hadad. Panjenengane sengit marang wong
Israel lan banjur jumeneng ratu ana ing Aram.
26 Uga Yerobeam bin Nebat, wong Efraim saka
ing Zereda, punggawane Sang Prabu Suleman
mbalela marang Sang Prabu. Ibune jenenge

Zerua, randha. 27 Anadene jalarane anggone
mbalela marang Sang Prabu iku mangkene:
Sang Prabu Suleman lagi mbangun beteng
Milo lan ndandosi bedhahing temboke kuthane
Sang Prabu Dawud, ramane. 28 Yerobeam
iku wong kang pinter; bareng Sang Prabu
Suleman mirsa, manawa wong nonoman iku
sregep nyambut gawe, wong mau banjur
kaangkat dadi lelurahing sakehe pagawean
wajib, bubuhane turune Rama Yusuf. 29 Nalika
samana ing sawijining dina Yerobeam pinuju
metu saka ing kutha Yerusalem banjur
dipethukake dening Nabi Ahia saka ing Silo,
kang ngagem jubah anyar. Anadene kang ana
ing ara-ara kono mung wong loro iku. 30 Nabi
Ahia nuli nyepeng jubahe anyar kang diagem
mau sarta banjur kasuwek-suwek dadi rolas,
31 lan ngandika marang Yerobeam: "Kowe
njupuka suwekan sapuluh kanggo kowe, awit
mangkene pangandikane Pangeran Yehuwah,
Gusti Allahe Israel: Lah Ingsun bakal nyuwek
karajan iku saka ing tangane Suleman sarta
Ingsun bakal maringi sira sapuluh taler.
32 Nanging sataler bakal tetep dadi duweke
marga saka abdiningSun Dawud lan marga
saka Yerusalem, kutha kang Sunpilih saka
ing antarane sakehing talere Israel. 33 Dene
sababe yaiku anggone wus ninggal Ingsun
lan sujud nyembah marang Asytoret, dewa-
dewaning wong Sidon, marang Kamos, allahe
wong Moab lan marang Milkom, allahe bani
Amon, tuwin anggone ora lumaku ing dalan
kang Suntedahake kalawan nglakoni apa kang

bener ana ing paningalingSun sarta kalawan
tansah nindakake sakehe katetepan lan
tatananingSun, kayadene Dawud, bapakne.
34 Ora saka ing tangane anggoningSun bakal
mundhut karajan iku kabeh; Ingsun bakal
nglestarekake anggone dadi ratu ing salawase
uripe, marga saka abdiningSun Dawud kang
wus Sunpilih lan kang tansah nindakake
dhawuh tuwin katetepaningSun.
35 Nanging
saka ing anake anggoningSun bakal mundhut
karajan iku, kang banjur bakal Sunparingake
marang sira sapuluh taler.
36 Dene anake bakal
Sunparingi sataler, supaya abdiningSun Dawud
tansah duwe turun ing ngarsaningSun ana ing
Yerusalem, kutha kang Sunpilih kagem Ingsun,
amrih asmaningSun lestari ana ing kono.
37 Anadene sira bakal Sunpundhut, supaya
sira mengku sakehe kang dikarepake dening
atinira lan dadi ratu ing Israel.
38 Lan manawa
sira ngrungokake marang kang Sundhawuhake
kabeh marang sira lan lumaku ing dalan
kang Suntedahake sarta nindakake apa kang
bener ana ing paningalingSun kalawan tansah
nglakoni sakehe katetepan lan dhawuhingSun
kayadene kang wus katindakake dening
abdiningSun Dawud, Ingsun nganthi marang
sira tuwin bakal maringi marang sira turun
kang santosa kaya kang wus Sunparingake
marang Dawud, lan Ingsun bakal maringake
wong Israel marang sira.
39 Marga saka
iku Ingsun bakal ngesorake turune Dawud,
nanging ora ing salawase.”

[40] Sang Prabu Suleman banjur ngangkah mateni Yerobeam, nanging Yerobeam nuli mangkat ngungsi menyang ing tanah Mesir, marang ing ngarsane Sang Prabu Sisak, ratu ing nagara Mesir, sarta manggon ana ing kono nganti sasedane Sang Prabu Suleman.

Sedane Sang Prabu Suleman

11:41-43

2Bb 9:29-31

[41] Anadene kekarene riwayate Sang Prabu Suleman lan kabeh kang katindakake tuwin kawicaksanane iku rak katulisan ana ing
layang babade Sang Prabu Suleman. [42] Sang Prabu Suleman anggone jumeneng ratu ana ing Yerusalem ngratoni Israel kabeh patang
puluh taun. [43] Sawuse mangkono Sang Prabu Suleman banjur kepareng ngaso tunggil para leluhure, sarta nuli kasarekake ana ing kuthane Sang Prabu Dawud, ramane. Kang putra Pangeran Rehabeam kang banjur nggentosi jumeneng ratu.

Pecahe karajan Israel

12:1-24

2Bb 10:1--11:4

12 [1] Sawuse mangkono Sang Prabu Rehabeam nuli tindak menyang ing Sikhem, amarga wong Israel kabeh wus padha nglumpuk ana ing Sikhem prelu
njumenengake ratu panjenengane. [2] Bareng

Yerobeam bin Nebat krungu warta bab iku --
nalika samana dheweke isih ana ing Mesir,
sabab lunga ngungsi mrana, nglungani Sang
Prabu Suleman -- banjur enggal-enggal bali
saka ing tanah Mesir. 3 Wong-wong banjur
kongkonan ngundang, Yerobeam iya nuli teka
bebarengan karo wong Israel sapasamuwan
kabeh lan banjur munjuk marang Sang Prabu
Rehabeam: 4 "Rama dalem sampun damel
awrating tetanggelanipun dalem sadaya, mila
sapunika panjenengan dalem mugi karsaa
ngenthengaken padamelan ingkang ngrekaos
ingkang kabebahaken dening rama dalem
saha tanggelan ingkang awrat ingkang dipun
sangkulaken dhumateng kawula sadaya,
temah kawula lajeng sami badhe ngabdi
dhumateng panjenengan dalem." 5 Nanging
padha diparingi wangsulan mangkene: "Padha
mundura nganti besuk emben, nuli padha balia
seba marang ingsun." Rakyat kabeh tumuli
padha mundur.
6 Sang Prabu Rehabeam banjur mundhut
pamrayoga marang para pinituwa kang sajege
sugenge Sang Prabu Suleman, ramane,
tansah ngamping-ampingi, pangandikane:
"Kapriye pamrayoganira anggoningsun bakal
paring wangsulan marang rakyat iku?" 7 Atur
wangsulane: "Manawi ing dinten punika
panjenengan dalem karsa paring wangsulan
kalayan tetembungan ingkang sae, rakyat
temtu lajeng badhe ngabdi dhumateng
panjenengan dalem ing salaminipun."
8 Nanging Sang Prabu ora karsa dhahar atur

pamrayogane para pinituwa mau, sarta banjur
mundhut tetimbangan marang para wong
nonoman kang barakan kalawan panjenengane
sarta kang ngamping-ampingi panjenengane,
9 pangandikane: "Kapriye panemunira, kapriye
anggon kita bakal mangsuli rakyat kang
padha matur marang ingsun: Panjenengan
dalem mugi karsa ngenthengaken tanggelan
ingkang kabebahaken dening rama dalem
dhumateng kawula sadaya punika?"
10 Para
nonoman barakan dalem mau nuli padha
munjuk: "Panjenengan dalem karsaa paring
wangsulan dhumateng rakyat, ingkang
sampun matur wonten ing ngarsa dalem:
Rama dalem sampun damel awrating
sesanggenipun dalem sadaya, nanging
panjenengan dalem mugi karsa paring
kaenthengan dhumateng adalem sadaya
-- panjenengan dalem mugi karsaa paring
wangsulan makaten: Jenthikingsun luwih
gedhe tinimbang lambunge ramaningsun.
11 Mulane saiki mangkene: ramaningsun
wus maringi tanggungan kang abot marang
sira kabeh, nanging ingsun bakal ngundhaki
tanggunganira; ramaningsun wus ngajar sira
kabeh kalawan sambuk, nanging ingsun bakal
ngajar sira kalawan sambuk kang mawa eri
wesi."
12 Bareng let rong dina Yerobeam sowan
marang ing ngarsane Sang Prabu Rehabeam
karo rakyat kabeh, ngetrepi apa kang
didhawuhake dening Sang Prabu: "Besuk
emben padha sowana mrene maneh."

[13] Sang Prabu paring wangsulan marang
rakyat kalawan sugal; ora mreduli marang
atur pamrayogane para pinituwa; [14] kang
dipangandikakake marang rakyat iku
miturut rembuge para nonoman: mangkene
pangandikane: “Ramaningsun ndadekake
aboting ayahanira kabeh, nanging ingsun bakal
muwuhi bubuhanira iku; ramaningsun wus
ngajar sira kabeh kalawan sambuk, nanging
ingsun bakal ngajar sira kalawan sambuk kang
mawa eri wesi.” [15] Dadine Sang Prabu ora
karsa njurungi panyuwune rakyat, sabab bab
iku pancen owah-owahan kang dikarsakake
dening Pangeran Yehuwah, supaya Sang
Yehuwah saged netepi pangandikane lumantar
Nabi Ahia, wong Silo, marang Yerobeam bin
Nebat.
[16] Bareng wong Israel kabeh sumurup,
manawa Sang Prabu ora karsa njurungi
panyuwune, rakyat banjur padha ngaturi
wangsulan marang Sang Prabu mangkene:

“Kita sami tampi panduman punapa saking
Sang Prabu Dawud?
Kita boten angsal warisan saking
putranipun Sang Isai punika!
Padha balia menyang ing tarubmu, he wong
Israel!
Sumangga, Sang Prabu Dawud, sapunika
kawula aturi ngurus dalem paduka
piyambak!”

Wong Israel banjur padha mulih menyang ing
tarube, [17] satemah Sang Prabu Rehabeam
mung jumeneng dadi ratune para wong Israel

kang manggon ing kutha-kutha Yehuda.
18 Sawuse mangkono Sang Prabu Rehabeam
tumuli ngutus Adoram, panggedhening wong
nyangga karya nanging iku banjur dibenturi
watu dening wong Israel kabeh nganti mati,
malah Sang Prabu Rehabeam meh bae ora bisa
nitih kretane mlajeng menyang ing Yerusalem.
19 Kaya mangkono wiwitane anggone wong
Israel padha mbalela marang tedhake Sang
Prabu Dawud nganti tumeka ing dina iki.
20 Bareng wong Israel kabeh padha krungu,
manawa Yerobeam wus bali, banjur kongkonan
ngundang supaya nekanana parepatane,
tumuli kaangkat dadi ratune wong Israel
kabeh. Ora ana kang ndherek tedhake Sang
Prabu Dawud, kajaba taler Yehuda.
21 Bareng Sang Prabu Rehabeam wus rawuh
ing Yerusalem, banjur nglempakake wong
trah Yehuda kabeh lan taler Benyamin,
cacahe satus wolung puluh ewu, kabeh wong
nonoman kang saguh perang nglawan turune
Israel, karsane arep mangsulake karajan
iku marang Sang Prabu Rehabeam, putrane
Sang Prabu Suleman.
22 Nanging banjur ana
pangandikaning Allah marang Nabi Semaya,
abdining Allah, mangkene:
23 "Sira matura
marang Rehabeam, anake Suleman, ratu ing
Yehuda, lan marang bangsa iku:
24 Makaten
pangandikanipun Pangeran Yehuwah: Sira
aja padha maju perang lan aja nglawan
sadulur-sadulurira, wong Israel. Padha muliha
menyang ing omahira dhewe-dhewe, sebab
Ingsun kang damel kelakone bab iki." Wong

kabeh padha ngestokake dhawuhe Pangeran Yehuwah lan banjur padha mulih miturut dhawuhe Pangeran Yehuwah mau.

Sang Prabu Yerobeam nganakake tata-pangibadah anyar

12:25-33

25 Sawuse mangkono Sang Prabu Yerobeam
banjur nyantosani kutha Sikhem ing
pagunungan Efraim, nuli dedalem ana ing
kono. Tumuli tindak saka ing kono lan
nyantosani Pnuel. 26 Sang Prabu Yerobeam
ngandika ing sajroning panggalih: "Saiki
mbokmanawa karajan bakal bali marang
tedhake Dawud. 27 Manawa bangsa iku lunga
caos kurban sembelehan ana ing padalemaning
Sang Yehuwah ing Yerusalem, bangsa iki
atine mesthi bakal mbalik marang gustine,
yaiku Rehabeam, raja Yehuda." 28 Sawuse
digalih-galih, Sang Prabu banjur yasa pedhet
emas lanang loro sarta banjur ngandika
marang wong kabeh: "Wus cukup suwe
anggonira padha lunga menyang Yerusalem.
He Israel, saiki delengen allah-allahira, kang
wus nuntun sira metu saka ing tanah Mesir."
29 Sapi kang siji nuli kapapanake ana ing Betel,
dene sijine ana ing Dhan. 30 Bab iku njalari
wong banjur nglakoni dosa, awit rakyat nuli
padha menyang Betel prelu nyembah marang
reca kang siji, lan menyang ing Dhan nyembah
marang reca sijine. 31 Sang Prabu uga yasa
omah-omah pamujan ana ing tengger-tengger

pangurbanan sarta ngangkat wong-wong
kadadekake imam saka ing kalanganing rakyat
kang dudu trah Lewi. [32] Sawuse mangkono
Sang Prabu Yerobeam mranata dina gedhe ing
dina kang kaping limalas sasi wolu, kayadene
dina gedhe Yehuda, sarta panjenengane
piyambak minggah ing undhak-undhakaning
misbyah. Kaya mangkono kang katindakake
ana ing Betel: panjenengane caos kurban
marang pedhet-pedhet kang wus kadamel
mau, tuwin banjur paring bubuhan marang
para imam tengger pangurbanan kang wus
kaedegake. [33] Panjenengane minggah ing
undhak-undhakaning misbyah damelane
kang ana ing Betel mau ing dina kang
kaping limalas ing sasi kawolu, ing sasi kang
wus karancang ing sajroning panggalihe
piyambak; panjenengane mranata dina
gedhe kanggo wong Israel lan minggah ing
undhak-undhakaning misbyah mau prelu
mbesmi kurban.

Abdining Allah saka ing Yehuda

13:1-34

13 [1] Nalika Sang Prabu Yerobeam lagi
jumeneng ana ing misbyah kambi
mbesmi kurban, banjur ana sawijining abdine
Pangeran Yehuwah kang teka ing Betel saka
ing Yehuda. [2] Marga saka dhawuhe Pangeran
Yehuwah wong mau nuli nguwuh-uwuh marang
misbyah iku, tembunge: “Heh misbyah, heh
misbyah! Mangkene pangandikane Sang

Yehuwah: Lah bakal ana turune Dawud kang
lair, jenenge Yosia. Iku bakal nyembeleh
ana ing dhuwurira imam-imam tengger
pangurbanan kang ngobong kurban ana ing
dhuwurira, uga balung-balung manungsa
bakal diobong ana ing dhuwurira.” 3 Ing
nalika iku uga wong mau aweh sumurup bab
sawijining pratandha kaelokan, tembunge: “Iki
pratandha kaelokan, yaiku manawa Pangeran
Yehuwah wus ngandika: Lah misbyah iki bakal
bengkah, satemah awu kang ana ing dhuwure
banjur wutah.” 4 Bareng Sang Prabu Yerobeam
midhanget tembunge abdining Allah kang
katujokake marang misbyah ing Betel iku,
nuli ngathungake astane saka ing sadhuwure
misbyah lan dhawuh: “Cekelen wong iku!”
Nanging astane kang diathungake marang
wong mau banjur dadi kejeng, satemah ora
kena dibengkelukake maneh. 5 Misbyahe uga
tumuli bengkah, awu kang ana ing dhuwure
wutah, cocog karo pratandha kaelokan kang
dikandhakake dening abdining Allah marga
saka dhawuhe Pangeran Yehuwah mau. 6 Sang
Prabu banjur ngandika marang abdining Allah
mau: “Kula mugi kasuwunaken sih-piwelasipun
Pangeran Yehuwah, Gusti Allah panjenengan,
saha kula mugi panjenengan dongakaken,
supados tangan kula saged wangsul malih.”
Abdining Allah banjur nyuwunake sih-piwelase
Pangeran Yehuwah, satemah astane Sang
Prabu nuli bisa bali maneh, pulih kaya
maune. 7 Sawuse mangkono Sang Prabu
tumuli ngandika marang abdining Allah

mau: “Sumangga sesarengan kaliyan kula
dhateng ing kraton, kula aturi nungtumaken
sarira panjenengan, sasampunipun punika
panjenengan badhe kula caosi atur-atur.”
8 Nanging abdining Allah munjuk marang Sang
Prabu: “Sanadyan sapalihing kadhaton dalem
panjenengan dalem paringaken dhumateng
kawula, kawula boten badhe mampir dhateng
ing kadhaton dalem; kawula ugi boten
badhe nedha roti utawi ngombe toya wonten
ing panggenan punika. 9 Amargi makaten
dhawuh pangandikanipun Pangeran Yehuwah
dhumateng kawula: Sira aja mangan roti
utawa ngombe banyu sarta aja bali metu ing
dalan kang wus sira liwati mau.” 10 Wong mau
banjur lunga metu ing dalan liyane lan ora bali
metu ing dalan kang wus diliwati, anggone
menyang ing Betel.
11 Ing Betel ana sawijining nabi tuwa.
Anak-anake padha teka lan nyeritakake
sakehing panggawene abdining Allah ing dina
iku ana ing Betel. Uga padha nyeritakake
marang bapakne tetembungane kang
diaturake marang Sang Prabu. 12 Bapakne
nuli takon: “Lungane metu ing dalan ngendi?”
Anak-anake nuli padha nuduhake dalan kang
diliwati dening abdining Allah kang teka saka
ing Yehuda iku. 13 Bapakne banjur kandha
marang anak-anake: “Kuldiku abah-abahana!”
Kuldine tumuli diabah-abahi; 14 bapakne
nuli nunggang lan mangkat nututi abdining
Allah mau sarta kepranggul lagi lungguh ana
ing sangisoring wit gedhe. Banjur ditakoni:

“Punapa panjenengan abdining Allah ingkang
rawuh saking Yehuda?” Wangsulane: “Inggih
kula punika.” 15 Celathune maneh: “Sumangga
sesarengan kaliyan kula dhateng ing griya
dhahar roti.” 16 Nanging wangsulane: “Kula
boten saged wangsul sesarengan kaliyan
panjenengan lan mampir ing dalemipun;
kula boten badhe nedha roti utawi ngombe
toya sesarengan kaliyan panjenengan wonten
ing panggenan ngriki, 17 awit kula sampun
kaparingan dhawuh dening Sang Yehuwah:
Sira aja mangan roti utawa ngombe banyu ana
ing kana. Sira aja bali liwat ing dalan kang wus
sira liwati.” 18 Wangsulane wong tuwa mau:
“Kula punika ugi nabi kados panjenengan saha
margi saking dhawuhipun Pangeran Yehuwah
wonten malaekat ingkang sampun ngandika
dhateng kula: Wong iku jaken bali bebarengan
karo sira menyang ing omahira, dimen mangan
roti lan ngombe banyu.” 19 Nanging wong tuwa
mau nggorohi abdining Allah. Abdining Allah
iku banjur bali bebarengan karo dheweke
lan mangan roti lan ngombe banyu ana ing
omahe.

20 Nalika lagi padha lungguh ngadhepake
meja, banjur ana pangandikane Sang Yehuwah
marang nabi kang ngajak bali, 21 kang
tumuli nguwuh mangkene marang abdining
Allah kang teka saka ing Yehuda: “Makaten
pangandikaning Pangeran Yehuwah: Sarehne
sira mbangkang marang dhawuhe Pangeran
Yehuwah lan ora nindakake sakehing dhawuhe
kang kaparingake marang sira dening Sang

Yehuwah, Gusti Allahira, [22] nanging banjur bali
lan mangan roti sarta ngombe banyu ana ing
panggonan kene, sanadyan Panjenengane
wus ngandika marang sira: Sira aja mangan
roti utawa ngombe banyu, mulane jisimira ora
bakal lumebu ing kubure leluhurira.”
[23] Wong mau sawuse mangan roti lan
ngombe banyu, banjur diabah-abahake kuldi,
tumuli mangkat. [24] Nanging ana ing dalan
banjur tinempuh ing singa lan dipateni. Jisime
gumlethak ana ing dalan, kuldine ngadeg
ana ing sandhinging jisime mau; singane
uga ngadeg ana ing sandhinging jisim.
[25] Wong-wong kang liwat padha ndeleng jisim
kang gumlethak ana ing dalan lan singa kang
ngadeg ing sandhinge iku. Wong-wong mau
banjur padha nyritakake bab iku ana ing kutha
panggonane nabi tuwa mau.
[26] Nalika nabi tuwa kang mbujuk abdining
Allah supaya bali, krungu bab mau banjur
celathu: “Iku abdining Allah kang mbangkang
marang dhawuhe Pangeran Yehuwah. Sang
Yehuwah nuli ngulungake dheweke marang
singa, kang nyuwek-nyuwek lan mateni wong
iku, ngetrepi pangandikaning Sang Yehuwah
kang diparingake marang dheweke.” [27] Banjur
kandha marang anak-anake: “Kuldiku
abah-abahana.” Tumuli padha ngabah-abahi
kuldine. [28] Nabi tuwa mau nuli mangkat
lan nemu jisime kang gumlethak ana ing
dalan, sarta ndeleng kuldi lan singa kang
ngadeg ana ing sandhinge. Singa iku ora
mangsa jisim mau lan ora nyempal-nyempal

kuldine. [29] Nabi tuwa iku banjur njunjung
jisime abdining Allah mau katumpangake ing
kuldine nuli kagawa bali menyang ing kuthane
dhewe, arep ditangisi lan dikubur. [30] Jisim mau
dikubur ana ing kuburane dhewe lan banjur
ditangisi: "Adhuh sadherek kula!" [31] Salebare
ngubur nuli celathu marang anak-anake:
"Manawa aku mati, aku kuburen ana ing
kuburan iki nunggal karo abdining Allah iku
sarta balung-balungku dekekna ing sandhinge
balung-balunge. [32] Amarga tetembungan kang
diucapake marga saka dhawuhe Pangeran
Yehuwah, marang misbyah kang ana ing Betel
iku lan marang sakehing omah pamujan ing
tengger-tengger ing kutha-kutha ing Samaria,
iku mesthi bakal kelakon temenan."
[33] Sawuse kelakon mau Sang Prabu Yerobeam
meksa ora nilar pandamele kang ala iku,
nanging isih bae ngadegake imam-imam saka
kalangan rakyat kanggo tengger-tengger
pangurbanan. Sapa bae kang gelem, iku
banjur katetepake dadi imam ing tengger-
tengger pangurbanan. [34] Anadene panggawe
kang mangkono iku dadi lan dosane tedhake
Sang Prabu Yerobeam, satemah banjur padha
kasirnakake saka ing salumahing bumi.

Sambungan riwayate Sang Prabu Yerobeam

14:1-20

14 [1] Nalika samana Pangeran Abia, putrane
Sang Prabu Yerobeam kecandhak

gerah. 2 Sang Prabu Yerobeam banjur
ngandika marang kang garwa: “Tata-tataa,
nyamura laku cikben ora kasumurupan ing
wong, manawa kowe iku garwane Prabu
Yerobeam sarta mangkata menyang Silo.
Nabi Ahia rak ana ing kana! Iku kang wus
meca bab aku, manawa aku bakal jumeneng
dadi ratune bangsa iki. 3 Kowe nggawaa roti
sepuluh, kuwih kismis lan madu saguci, banjur
menyanga ing daleme. Panjenengane bakal
paring sumurup marang kowe, kapriye bakal
kadadeane bocah iki.” 4 Garwane Sang Prabu
Yerobeam iya tumuli nindakake mangkono.
Sawuse tata-tata nuli tindak menyang ing Silo
sarta banjur lumebet ing daleme Nabi Ahia.
Nabi Ahia wus ora bisa mirsani maneh, amarga
paningale wus tidha-tidha jalaran wus sepuh.
5 Nanging Yehuwah wus ngandika marang Nabi
Ahia: “Lah bojone Yerobeam teka arep takon
marang sira bab anake kang lagi lara. Sira
kandhaa mangkene-mangkene.”

Nalika putri mau lumebet, rewa-rewa
wong liya. 6 Nanging bareng Nabi Ahia
mireng swarane lampahe putri mau nalika
lumebet ing lawang, enggal banjur diacarani:
“Sumangga kula aturi lumebet, dhuh
garwanipun Sang Prabu Yerobeam! Punapa
sababipun dene panjenengan dalem kok
ndadak nyamur lampah? Kawula kadhawuhan
ngaturaken piweling ingkang awrat dhumateng
panjenengan dalem. 7 Sumangga kawula aturi
tindak, kawula aturi matur dhumateng Sang
Prabu Yerobeam: Makaten pangandikanipun

Pangeran Yehuwah, Gusti Allahipun Israel:
Ingsun wus njunjung sira saka ing satengahe
bangsa iki lan njumenengake sira dadi
ratuning umatingSun Israel; [8] Ingsun wus
mecah karajane tedhake Dawud sarta
Sunparingake marang sira, nanging sira ora
kaya abdiningSun Dawud kang tetep nglakoni
sakehing dhawuhingSun tuwin manut miturut
marang Ingsun kalawan gumolonging atine
sarta mung tansah nindakake apa kang bener
tumrap paningalingSun. [9] Sarehne sira wus
nglakoni panggawe ala ngluwihi sakehe wong
sadurunge sira tuwin wus gawe allah liyane lan
reca-reca cithakan, temah sira gawe gerahe
panggalihingSun, malah sira wus ngungkurake
Ingsun, [10] mulane Ingsun bakal ndhatengake
bilai marang turune Yerobeam. Ingsun bakal
nyirnakake saben wong lanang saka turune
Yerobeam, kang dhuwur lan kang endhek
pangkate ana ing Israel. Ingsun bakal nyaponi
turune Yerobeam kaya patrape wong nyaponi
sesuker nganti resik. [11] Panunggalane turune
Yerobeam kang mati ana ing kutha bakal
kamangsa dening asu, dene kang mati ana
ing ara-ara bakal kapangan dening manuk ing
awang-awang. Awit Pangeran Yehuwah wus
ngandika mangkono. [12] Nanging panjenengan
dalem, sumangga kawula aturi jumeneng saha
lajeng kondur. Manawi panjenengan dalem
mangke wiwit tumapak ing salebeting kitha,
putra punika badhe seda. [13] Tiyang Israel
sadaya sami badhe nangisi, saha lajeng badhe
nyarekakaken, awit dene tedhakipun Sang Prabu

Yerobeam inggih namung panjenenganipun
ingkang badhe lumebet ing pasarean, awit ing
antawising turunipun Sang Prabu Yerobeam
inggih namung panjenenganipun punika
ingkang kadunungan prakawis ingkang
sae wonten ing paningalipun Pangeran
Yehuwah, Gusti Allahipun Israel. 14 Saha
Pangeran Yehuwah badhe njumenengaken
ratu ing Israel ingkang badhe nyirnakaken
turunipun Sang Prabu Yerobeam -- kadosdene
lelampahan sapunika ingkang nyata punika.
15 Sasampunipun makaten Sang Yehuwah
lajeng badhe ngrangket tiyang Israel, ngantos
sempoyongan kados glagah wonten ing
toya, saha badhe kabedhol saking ing siti
ingkang sae, ingkang sampun kaparingaken
dhateng leluhuripun punika, lajeng badhe
kasebar wonten ing sabrangipun benawi Efrat,
amargi sampun sami damel saka-saka brahala
sarta amargi saking makaten lajeng damel
gerahing panggalihipun Pangeran Yehuwah.
16 Panjenenganipun badhe ngeculaken tiyang
Israel margi saking dosa-dosa ingkang sampun
dipun lampahi dening Sang Prabu Yerobeam
saha ingkang njalari tiyang Israel inggih lajeng
damel dosa."
17 Sawuse mangkono garwane Sang Prabu
Yerobeam banjur jumeneng lan tindak sarta
rawuh ing Tirza. Nalika lagi jumangkah
lumebet ing korining kadhaton, sang timur
seda 18 lan banjur disarekake; wong Israel
padha nangisi kabeh, cocog karo pangandikane

Pangeran Yehuwah kang kalairake lumantar
Nabi Ahia abdine.
19 Mungguh kekarene riwayate Sang Prabu
Yerobeam, anggone andon perang lan anggone
ngasta paprentahan, lah iku kabeh wus tinulis
ing layang sejarahe para ratu ing Israel.
20 Anadene anggone Sang Prabu Yerobeam
ngasta paprentahan lawase rolikur taun, nuli
mapan ngaso nunggil karo para leluhure sarta
kang putra banjur jumeneng ratu nggentosi
panjenengane.

Sambungane riwayate Sang Prabu Rehabeam

14:21-31

2Bb 12:1-16

21 Anadene Sang Prabu Rehabeam, putrane
Sang Prabu Suleman, iku kang ngasta
paprentahan ing Yehuda. Nalika jumeneng
ratu iku Sang Prabu Rehabeam yuswane
patang puluh siji taun sarta pitulas taun
anggone ngasta paprentahan ing Yerusalem,
kutha kang kapilih dening Pangeran Yehuwah
saka ing antarane taler Israel kabeh kagem
nglestarekake asmane ana ing kono. Dene
kang ibu asmane Naama, putri bangsa Amon.
22 Nanging wong Yehuda padha nglakoni apa
kang ala ana ing paningale Sang Yehuwah
tuwin padha gawe bentering panggalihe marga
dosa kang dilakoni iku ngungkuli kabeh kang
ditindakake dening para leluhure. 23 Awit iya
padha ngedegake papan-papan pangurbanan

lan tugu-tugu brahala tuwin saka-saka brahala
ana ing saben tengger kang dhuwur sarta ana
ing sangisore saben wit kang ngrembuyung.
24 Malah ing nagara kono uga ana pelacuran
kanggo ngibadah. Wong-wong padha nglakoni
sakehing panggawe nistha kang ditindakake
dening para bangsa kang wus katundhung
dening Pangeran Yehuwah saka ing ngarepe
wong Israel.
25 Nanging ing taun kang kalima jamane
Sang Prabu Rehabeam, Sang Prabu Sisak,
ratu ing nagara Mesir, rawuh lan nempuh
Yerusalem. 26 Barang-barang praboting
padalemane Sang Yehuwah lan barang-barang
ing kraton padha dijarah-rayah; kabeh padha
dirampas. Uga sakehe tameng emas yasane
Sang Prabu Suleman. 27 Minangka gantine
Sang Prabu Rehabeam yasa tameng-tameng
tembaga, kang banjur kapasrahake marang
para panggedhe prajurit kang jaga ana
ing lawanging kraton. 28 Saben Sang Prabu
lumebet ing padalemaning Pangeran Yehuwah,
para prajurit mau kang ngampil lumebu
tameng-tameng iku sarta iya prajurit-prajurit
iku kang nggawa bali menyang ing kamar
pajagane. 29 Anadene kekarene riwayate Sang
Prabu Rehabeam lan kabeh kang katindakake,
iku rak wus padha katulisan kabeh ana
ing layang sejarahe para raja ing Yehuda.
30 Sarta tanpa ana pedhote anggone Sang
Prabu Rehabeam perang kalawan Sang Prabu
Yerobeam. 31 Sawuse mangkono Sang Prabu
Rehabeam banjur mapan ngaso nunggil karo

para leluhure sarta disarekake ing sandhinge
para leluhure ana ing kuthane Sang Prabu
Dawud. Dene asmane kang ibu Naama, putri
bangsa Amon. Kang putra, Pangeran Abiam,
banjur nggentosi jumeneng ratu.

Sang Prabu Abiam, ratu ing Yehuda

15:1-8

2Bb 13:1--14:1

15 1 Nalika taun kang kaping wolulase
jumenenge Sang Prabu Yerobeam
bin Nebat, Pangeran Abiam wiwit jumeneng
ratu ing Yehuda. 2 Telung taun anggone
ngasta paprentahan ana ing Yerusalem.
Asmane kang ibu Maakha, putri putrane
Sang Abisalom. 3 Sang Prabu Abiam iku
sajrone sugenge tansah nindakake sakehing
dosane kang sadurunge wus dilakoni dening
ramane sarta anggone madhep marang
Yehuwah Gusti Allahe ora kanthi gumolonging
panggalih kaya Sang Prabu Dawud, kang
eyang. 4 Nanging marga Sang Prabu Dawud,
Sang Yehuwah, Gusti Allahe, paring turun
marang panjenengane, ana ing Yerusalem,
yaiku anggone banjur njumenengake kang
putra, minangka gegentose sarta anggone
nglestantunake adege Yerusalem, 5 amarga
Sang Prabu Dawud wus nglampahi apa kang
bener ana ing paningale Sang Yehuwah
apadene ora nyimpang saka ing sakehe
dhawuhe marang panjenengane ing sajege
sugenge, kajaba mung tumrap prakara Uria,

wong Het. 6 Anadene ing sajege sugenge
tansah ana perang ing antarane Sang Prabu
Rehabeam lan Sang Prabu Yerobeam.
7 Mungguh kekarening riwayate Sang Prabu
Abiam lan sakehing prakara kang katindakake,
iku rak wus katulisan kabeh ana ing layang
sejarahe para ratu ing Yehuda; sarta ing
antarane Sang Prabu Abiam lan Sang Prabu
Yerobeam tansah ana perang. 8 Sang Prabu
Abiam banjur kepareng ngaso nunggil karo
para leluhure, tuwin kasarekake ana ing
kuthane Sang Prabu Dawud. Pangeran Asa,
kang putra, nuli jumeneng ratu nggentosi
panjenengane.

Sang Prabu Asa ratu ing Yehuda

15:9-24

2Bb 14:1-5, 15:16--16:13

9 Nalika ing taun kang kaping rong puluhe
jumenenge Sang Prabu Yerobeam, ratu
ing Israel, Pangeran Asa wiwit jumeneng
ratu ana ing Yehuda. 10 Patang puluh siji
taun anggone ngasta paprentahan ana ing
Yerusalem. Asmane kang eyang putri Maakha
putrane putri Sang Abisalom. 11 Sang Prabu
Asa tansah nglampahi apa kang bener ana
ing paningale Sang Yehuwah kaya dene Sang
Prabu Dawud, rama leluhure. 12 Pelacuran
kanggo ngibadah kasingkirake saka ing nagara
sarta nebihake sakehe brahala damelane para
leluhure. 13 Malah Sang Putri Maakha, kang
eyang putri, kalungsur pangkate anggone

jumeneng ibusori, jalaran yasa reca Asyera
kang nistha. Reca kang nistha iku kaebrukake
dening Sang Prabu Asa lan kaobong
ana ing lebake kali Kidron.
14 Sanadyan
tengger-tengger pangurbanan ora diedohake
nanging Sang Prabu Asa madhep marang
Sang Yehuwah kanthi gumolonging panggalih
ing sajege sugenge.
15 Sang Prabu mbekta
pisungsung-pisungsunge suci kang rama lan
pisungsung-pisungsunge piyambak menyang
ing padalemaning Pangeran Yehuwah, yaiku
emas lan salaka sarta barang-barang liyane.
16 Anadene ing antarane Sang Prabu Asa
lan Sang Prabu Baesa, ratu ing Israel, iku
salawase padha sugeng tansah ana perang.
17 Sang Prabu Baesa ratu ing Israel mangsah
perang menyang ing Yehuda lan banjur
nyantosani Rama, kanggo nyegah wong
lelungan menyang ing wewengkone Sang
Prabu Asa, ratu ing Yehuda.
18 Nanging Sang
Prabu Asa banjur mundhut sakehe emas
lan selaka kang isih kari ana ing gedhong
pasimpenaning padalemane Pangeran
Yehuwah lan ing gedhong pasimpenaning
kraton nuli katampakake marang para abdine.
Iku padha kautus dening Sang Prabu Asa
menyang ing ngarsane Sang Prabu Benhadad,
bin Tabrimon bin Hezion, ratu ing nagara
Aram, kang akedhaton ana ing kutha Damsyik,
kalawan kaweling supaya matur:
19 "Wonten
satunggaling prajanjian ing antawisipun
kula kaliyan panjenengan, ing antawisipun
rama kula kaliyan ingkang rama. Lah punika

panjenengan kula caosi kintunan jene lan
selaka. Sumangga, panjenengan kula aturi
medhot prajanjian panjenengan kaliyan
Baesa, ratu ing Israel, supados piyambakipun
mundur saking wewengkon kula.” [20] Sang
Prabu Benhadad njurungi panyuwune Sang
Prabu Asa; panjenengane nuli dhawuh marang
para panggedhening wadya-balane supaya
nempuh kutha-kutha ing Israel sarta banjur
nelukake Iyon, Dhan, Abel-Bet-Maakha tuwin
sawewengkone Kinerot lan tanah Naftali
kabeh. [21] Bareng Sang Prabu Baesa midhanget
bab iku, tumuli enggal-enggal kendel anggone
nyantosani kutha Rama tuwin banjur tetep
ana ing Tirza. [22] Nanging Sang Prabu Asa
tumuli ngering wong satanah Yehuda kabeh,
ora ana kang ora katut. Iku padha didhawuhi
ngangkati watu lan kayu kang diagem Sang
Prabu Baesa kanggo nyantosani Rama.
Sang Prabu Asa ngagem iku kabeh kanggo
nyantosani Geba-Benyamin lan Mizpa.
[23] Anadene kekarene riwayate Sang
Prabu Asa lan sakehe kaprawirane tuwin
sakehe pandamele sarta kutha-kutha kang
disantosani, kabeh iku rak wus katulisan ana
ing layang sejarahe para ratu ing Yehuda.
Nanging bareng wus sepuh Sang Prabu
kecandhak gerah sampeyan karo pisan.
[24] Sang Prabu banjur kepareng ngaso nunggil
karo para leluhure sarta kasarekake ing
sandhinge para leluhure ana ing kuthane Sang
Prabu Dawud, rama leluhure, tuwin banjur

digentosi dening Pangeran Yosafat, kang
putra.

Sang Prabu Nadab ratu ing Israel

15:25-32

25 Sang Prabu Nadab, putrane Sang Prabu
Yerobeam, anggone wiwit jumeneng ratu
ing Israel ing taun kang kapindhone jamane
Sang Prabu Asa, ratu ing Yehuda. Anggone
ngasta paprentahan ing Israel suwene rong
taun. 26 Panjenengane tansah nindakake apa
kang ala ana ing paningaling Yehuwah, sarta
sugenge nulad solah tingkahe kang rama sarta
dosane kang rama, kang njalari wong Israel
padha tumiba ing dosa.
27 Kacarita Baesa bin Ahia, panunggalane
turune Isakhar nganakake sakuthon nglawan
panjenengane. Sang Prabu disedani ana ing
Gibeton kang klebu wilayahe wong Pilisti,
nalika Sang Prabu Nadab lan bala Israel
kabeh pinuju ngepung Gibeton mau. 28 Baesa
anggone nyedani Sang Prabu iku ing taun kang
katelune ing jamane Sang Prabu Asa, ratu ing
Yehuda, sarta banjur jumeneng ratu nggenteni
Sang Prabu Nadab. 29 Bareng wus jumeneng
ratu enggal-enggal banjur numpes sakehe
kulawargane Sang Prabu Yerobeam, nganti
wus sirna kabeh, cocog karo pangandikaning
Sang Yehuwah kang kalairake lumantar
Nabi Ahia, abdine, wong Silo, 30 marga saka
dosa-dosa kang wus dilakoni dening Sang
Prabu Yerobeam, kang njalari wong Israel

banjur padha nglakoni dosa uga, satemah
gawe gerahing panggalihe Pangeran Yehuwah,
Gusti Allahe Israel.
31 Mungguh kekarene riwayate Sang Prabu
Nadab lan sakehe pandamele, iku kabeh rak
wus katulisan ana ing buku sejarahe para ratu
ing Israel. 32 Anadene sajege sugenge tansah
ana perang ing antarane Sang Prabu Asa lan
Sang Prabu Baesa, ratu ing Israel.

Sang Prabu Baesa ratu ing Israel

15:33--16:7

33 Nalika taun kang katelune ing jamane Sang
Prabu Asa, ratu ing Yehuda, Sang Prabu Baesa
jumeneng dadi ratuning wong Israel kabeh ana
ing Tirza. Anggone ngasta paprentahan lawase
patlikur taun. 34 Panjenengane tansah nglakoni
apa kang ala ana ing paningaling Sang
Yehuwah, sarta sugenge nulad solah-tingkahe
Sang Prabu Yerobeam lan dosane kang njalari
wong Israel banjur padha nglakoni dosa uga.
16 1 Sawuse mangkono ana pangandikane
Pangeran Yehuwah marang Nabi Yehu
bin Hanani, kang wiraose nglawan marang
Sang Prabu Baesa mangkene: 2 “Ing sarehne
sira wus Sunjunjung saka ing lebu sarta
Sundadekake ratuning umatingSun Israel,
mangka lakunira kaya dene Yerobeam tuwin
akon umatingSun Israel supaya nglakoni dosa,
satemah njalari gerahing penggalihingSun
marga saka dosa iku, 3 mulane lah Ingsun
bakal numpes Baesa sakulawargane,

karodene kulawarganira bakal Sundadekake
kaya kulawargane Yerobeam bin Nebat.
4 Panunggalane sanak kadange Baesa iku sapa
kang mati ana ing kutha, bakal dadi pakaning
asu lan kang mati ana ing ara-ara bakal
kamangsa dening manuk ing awang-awang."
5 Anadene kekarene riwayate Sang Prabu
Baesa lan apa kang dilampahi sarta
kaprawirane iku rak wus katulisan ana ing
buku sejarahe para ratu ing Israel. 6 Sang
Prabu Baesa banjur kepareng ngaso nunggil
karo para leluhure tuwin kasarekake ana
ing Tirza. Pangeran Ela, kang putra, tumuli
jumeneng ratu nggentosi panjenengane. 7 Uga
lumantar Nabi Yehu bin Hanani pangandikane
Pangeran Yehuwah wus kaparingake, kang
wiraose nglawan marang Sang Prabu Baesa lan
kulawargane, marga saka sakehing pandamele
kang ala ana ing paningaling Sang Yehuwah,
satemah njalari gerahing panggalihe Pangeran
Yehuwah marga saka pandameling astane
mau, mulane banjur padha kaya kulawargane
Sang Prabu Yerobeam, tuwin uga anggone
wus nyedani Sang Prabu Yerobeam.

Sang Prabu Ela ratu ing Israel

16:8-14

8 Ing taun kang kaping nemlikure jamane
Sang Prabu Asa, ratu ing Yehuda, Pangeran
Ela, putrane Prabu Baesa, jumeneng dadi
ratune Israel ana ing Tirza. Anggone
ngasta paprentahan suwene rong taun.

9 Nuli ana punggawane, kang asma Zimri,
panggedhening saparone wadya-bala
kretan, kang nganakake sekuthon nglawan
panjenengane. Nalika panjenengane lagi
ngunjuk inuman keras nganti wuru ana ing
Tirza ana ing daleme Sang Arza, kang dadi
panggedhene kraton ing Tirza, 10 Sang Zimri
sowan lan banjur nyedani panjenengane yaiku
ing nalika taun kang kaping pitulikure jamane
Sang Prabu Asa, ratu ing Yehuda, sarta banjur
jumeneng ratu nggentosi panjenengane.
11 Bareng jumeneng ratu, sawuse lenggah
ing dhampare, banjur enggal-enggal numpes
kulawargane Sang Prabu Baesa kabeh. Ora ana
wong lanang siji-sijia saka panunggalane iku
kang dilestarekake urip, dadia kulawargane,
dadia para mitrane. 12 Kaya mangkono Sang
Prabu Zimri anggone numpes kulawargane
Sang Prabu Baesa kabeh, cocog karo
pangandikaning Pangeran Yehuwah lumantar
Nabi Yehu, 13 marga saka sakehing dosa kang
wus dilampahi dening Sang Prabu Baesa lan
Sang Prabu Ela, kang putra, kang njalari
wong Israel banjur padha nglakoni dosa uga,
satemah padha damel gerahe panggalihe
Pangeran Yehuwah, Gusti Allahe Israel sarana
dewa-dewane kang tanpa guna.

14 Anadene kekarene riwayate Sang Prabu
Ela lan sakehe pandamele, iku kabeh rak wus
katulisan ana ing buku sejarahe para ratu ing
Israel.

Sang Prabu Zimri ratu ing Israel

16:15-20

15 Ing taun kang kaping pitulikure jamane
Sang Prabu Asa, ratu ing Yehuda, Sang Zimri
jumeneng ratu. Anggone ngasta paprentahan
suwene pitung dina ana ing Tirza, nalika rakyat
lagi makuwon ngepung Gibeton kang klebu
wewengkone wong Pilisti. 16 Bareng rakyat
kang lagi makuwon iku krungu wong aweh
pawarta: "Zimri wus nganakake sakuthon
lan uga wus nyedani Sang Prabu," ing dina
iku uga, ana ing papan makuwone iku, wong
Israel kabeh banjur njumenengake Sang
Omri, senapatining wadya-bala, dadi ratuning
Israel. 17 Sawuse mangkono Sang Prabu Omri
kalawan Israel kabeh padha mangkat saka
ing Gibeton, sarta banjur ngepung Tirza.
18 Bareng Sang Prabu Zimri mirsa, manawa
kutha iku wus bedhah, banjur enggal-enggal
lumebet ing purining kraton lan mbesmi
kraton iku, sajrone panjenengane piyambak
iya ana ing kono, nuli nemahi seda, 19 marga
saka dosa-dosa kang wus dilampahi, yaiku
anggone nindakake apa kang ala ana ing
paningale Sang Yehuwah sarta sugenge nulad
solah-tingkahe Sang Prabu Yerobeam kang
njalari wong Israel padha nglakoni dosa uga.
20 Mungguh kekarene riwayate Sang Prabu
Zimri lan sekuthon kang dianakake, iku rak
wus katulisan kabeh ana ing buku sejarahe
para raja Israel.

Sang Prabu Omri ratu ing Israel

16:21-28

21 Ing nalika samana bangsa Israel pecah
dadi rong golongan. Sagolongan ngeloni Sang
Tibni bin Ginat, karepe bakal kajumenengake
dadi ratu, lan sagolongan ngeloni Sang Omri.
22 Nanging rakyat kang ngeloni Sang Omri
luwih kuwat tinimbang kang ngeloni Sang
Tibni bin Ginat. Sawuse Sang Tibni seda, Sang
Omri banjur jumeneng ratu.
23 Ing taun kang kaping telung puluh sijine
jamane Sang Prabu Asa, ratu ing Yehuda,
Sang Omri jumeneng dadi ratu ing Israel
sarta anggone ngasta paprentahan lawase
rolas taun. Ana ing Tirza anggone ngasta
paprentahan enem taun. 24 Panjenengane nuli
mundhut gunung Samaria saka Semer rega
rong talenta selaka. Banjur yasa kutha ana ing
gunung kono kang diparingi jeneng Samaria,
miturut jeneng Semer, kang duwe gunung
iku. 25 Sang Prabu Omri tansah nindakake apa
kang ala ana ing paningaling Sang Yehuwah
ngluwihi sakabehe kang padha ngrumiyini.
26 Sugenge nulad sakehe solah-tingkahe Sang
Prabu Yerobeam bin Nebat lan dosane Sang
Prabu Yerobeam kang njalari wong Israel
banjur padha nglakoni dosa uga, satemah
gawe gerahe panggalihe Pangeran Yehuwah,
Gusti Allahe Israel sarana dewa-dewane kang
tanpa guna.

27 Anadene kekarene riwayate Sang Prabu
Omri, apa kang katindakake lan kaprawirane,
iku rak wus katulisan ana ing layang sejarahe
para raja ing Israel. 28 Sang Prabu Omri
nuli kepareng ngaso nunggil karo para
leluhure sarta banjur kasarekake ing Samaria.
Pangeran Akhab, kang putra tumuli jumeneng
ratu nggentosi panjenengane.

Sang Prabu Akhab nyembah marang Baal

16:29-34

29 Sang Prabu Akhab, putrane Sang Prabu
Omri, anggone jumeneng dadi ratuning Israel
ing taun kang kaping telung puluh wolune
jamane Sang Prabu Asa, ratu ing Yehuda.
Anggone ngasta paprentahan ing Israel
Sang Prabu Akhab putrane Sang Prabu Omri
iku lawase rolikur taun ana ing Samaria.
30 Sang Prabu Akhab putrane Sang Prabu
Omri iku tansah nindakake apa kang ala
ana ing paningaling Sang Yehuwah, ngluwihi
sakabehe kang padha ngrumiyini. 31 Anggone
lumampah ing sajroning dosa-dosane Sang
Prabu Yerobeam bin Nebat iku kaya-kaya
durung cukup, mulane banjur mundhut garwa
Sang Putri Izebel, putrane putri Sang Prabu
Etbaal ratu ing Sidon, satemah panjenengane
nuli ngabekti marang Baal kalawan disujudi lan
disembah. 32 Sang Prabu tumuli yasa misbyah
kanggo Baal iku ana ing papan pamujaning
Baal, kang kaadegake ana ing Samaria.
33 Sawuse iku Sang Prabu Akhab banjur

yasa reca Asyera tuwin anggone tumindak mangkono iku dibacut-bacutake, satemah njalari gerahing panggalihe Sang Yehuwah, Gusti Allahe Israel, ngluwihi sakehing ratu ing Israel kang ngrumiyini panjenengane.
34 Ing nalika jaman samana Hiel, wong Betel, mbangun Yerikho maneh. Anadene anggone masang tetalese iku kanthi ngurbanake nyawane Abiram, anake kang pembarep, lan anggone masang lawanging gapurane kanthi ngurbanake nyawane Segub, anake kang ragil, cocog karo pangandikaning Sang Yehuwah, kang kapangandikakake lumantar Hakim Yuzak bin Nun.

Nabi Elia ana ing sapinggiring kali Kerit

17:1-6

17 1 Nabi Elia, wong Tisbe ing wewengkon tanah Tisbe-Gilead, banjur munjuk marang sang Prabu Akhab: "Demi Pangeran Yehuwah ingkang gesang, Gusti Allahipun Israel ingkang kawula ladosi, lah badhe boten wonten ebun utawi jawah ing taun-taun punika, kejawi manawi kawula nglairaken
tembung kawula." 2 Nuli ana pangandikaning Pangeran Yehuwah marang panjenengane:
3 "Sira lungaa saka ing kene, lumakua mangetan lan ndhelika ana ing sapinggiring kali Kerit ing sawetane bengawan Yarden.
4 Ngombenira saka ing kali iku, lan Ingsun wus dhawuh marang manuk-manuk gagak supaya menehi mangan marang sira ana ing kono."

5 Panjenengane banjur tindak lan nindakake
apa kang kapangandikakake dening Pangeran
Yehuwah; panjenengane tindak lan lereb
ana ing pinggiring kali Kerit ing sisih wetane
bengawan Yarden. 6 Ing wayah esuk lan sore
manuk gagak padha nyaosi roti lan daging
marang panjenengane dene ngunjuke saka ing
kali kono.

Nabi Elia lan randha ing Sarfat

17:7-24

7 Nanging bareng wus sawatara mangsa, kali
mau nuli asat, sebab ing nagara kono ora
ana udan. 8 Banjur ana pangandikane Sang
Yehuwah marang Nabi Elia: 9 "Sira tata-tataa
lan mangkata menyang ing Sarfat, kang
klebu ing wilayahe Sidon banjur manggona
ing kana. Sumurupa, Ingsun wus dhawuh
marang sawijining randha supaya menehi
pangan marang sira." 10 Sawuse mangkono
panjenengane nuli tata-tata sarta banjur
tindak menyang Sarfat. Bareng wus rawuh ing
gapuraning kutha iku, ing kono ana randha
kang lagi ripik-ripik. Iku nuli dipangandikani:
"Aku bok kok jupukake banyu ing kendhi
sathithik bae arep dakombe." 11 Nalika wong
wadon iku mangkat arep njupuk banyu,
dipangandikani maneh: "Aku bok kokjupukake
roti uga sairis bae." 12 Ature wong wadon mau:
"Demi Yehuwah, Gusti Allah panjenengan
ingkang gesang, kula saestu boten gadhah roti
sanadyan namunga sakedhik, kejawi glepung

sagegem wonten ing wadhah kaliyan lisah
sakedhik wonten ing guci. Lah sapunika kula
saweg nglempakaken kajeng kalih utawi tigang
lonjor, lajeng badhe mantuk tuwin ngolah
sawontenipun wau kangge kula lan anak kula,
saha sasampunipun nedha, kula lajeng sami
badhe pejah.” 13 Nanging pangandikane Nabi
Elia: “Kowe aja kuwatir, muliha, nglakonana
apa kang wus kokkandhakake mau, nanging
sadurunge aku olahna roti dhisik, kang cilik
bunder siji saka iku, tumuli gawanen mrene,
sawuse mangkono banjur olaha kanggo
kowe lan anakmu. 14 Amarga mangkene
pangandikane Pangeran Yehuwah, Gusti Allahe
Israel: Glepung ing wadhah iku ora bakal
entek sarta lenga ing guci iku uga ora bakal
suda, nganti wus tekan ing titi-mangsane Sang
Yehuwah paring udah ana ing bumi.” 15 Wong
wadon mau nuli mulih lan nglakoni apa kang
dipangandikakake dening Nabi Elia; wasana
wong wadon iku lan panjenengane sarta anake
wong wadon iku padha bisa mangan nganti
antara lawas. 16 Glepung ing wadhah ora
entek-entek lan lenga ing guci ora suda, cocog
karo pangandikaning Pangeran Yehuwah, kang
kalairake lumantar Nabi Elia.

17 Sawuse mangkono anake wong wadon
kang duwe omah mau kecandhak lara, mangka
larane banget nganti wus ora ana ambekane
maneh. 18 Wong wadon iku nuli matur marang
Nabi Elia: “Punapa ta karsa panjenengan
rawuh ing ngriki punika, dhuh abdining Allah?
Anggen panjenengan mriki punika punapa

prelu ngengetaken dhateng kalepatan kula
saha badhe damel pejahipun anak kula?”
[19] Nabi Elia mangsuli pangandikane: “Anakmu
iku gawanen mrene.” Bocahe nuli dipundhut
dening Nabi Elia saka ing pangkoning wong
wadon iku banjur kabekta munggah menyang
ing kamare ana ing dhuwur, nuli katurokake
ing pasareane. [20] Sawuse mangkono banjur
munjuk marang Pangeran Yehuwah kalawan
sora: “Dhuh Yehuwah, Gusti Allah kawula!
Punapa Paduka inggih ngganjar cilaka dhateng
randha punika, ingkang nampeni kula,
tiyang ingkang neneka punika wonten ing
griyanipun, kalayan patrap mejahi anakipun?”
[21] Panjenengane nuli ngrungkepi bocahe
ping telu, lan munjuk kalawan swara sora
marang Pangeran Yehuwah: “Dhuh Yehuwah,
Gusti Allah kawula! Paduka mugi karsaa
mangsulaken nyawanipun lare punika dhateng
ing badanipun.” [22] Sang Yehuwah njurungi
panyuwune Nabi Elia iku, lan nyawane bocahe
tumuli bali marang ing awake, temah dadi urip
maneh. [23] Nabi Elia banjur mbopong bocah
mau lan dibekta mudhun saka ing kamar ing
dhuwur menyang ing omah sarta dipasrahake
marang ibune. Pangandikane Nabi Elia: “Enya,
iki anakmu, wus urip!” [24] Wong wadon mau
tumuli matur marang Nabi Elia: “Sapunika
kula sumerep, bilih panjenengan punika
abdining Allah saha bilih pangandikanipun
Sang Yehuwah ingkang panjenengan ucapaken
punika pancen leres.”

Sang Obaja, punggawa abdine Sang Prabu Akhab nemoni Nabi Elia

18:1-15

18 [1] Sawuse antara suwe, ing taun kang
katelu ana pangandikane Pangeran
Yehuwah marang Nabi Elia mangkene: “Sira
mangkata, ngatona awakira marang Akhab,
sabab Ingsun bakal paring udan ana ing bumi.”
[2] Nabi Elia nuli tindak ngatingalake sarirane
marang Sang Prabu Akhab. Anadene pailan
kang tumempuh marang Samaria iku abot
banget. [3] Awit saka iku Sang Prabu Akhab wus
nimbali Sang Obaja kang dadi panggedhening
kraton. Sang Obaja iku priyayi kang temen-
temen anggone ngabekti marang Sang
Yehuwah. [4] Awit nalika Sang Prameswari Izebel
nyirnakake para nabining Sang Yehuwah, Sang
Obaja mundhut nabi satus banjur kadhelikake
gegrombolan nyeket-nyeket ana ing sajroning
guwa, sarta iya rumeksa marang pangan lan
ngombene. [5] Pangandikane Sang Prabu Akhab
marang Sang Obaja: “Nagara iki dlajahana lan
sakehe sumber lan sakehing kali paranana,
bokmanawa kita isih oleh suket kanggo nguripi
jaran lan bihal sarta ora usah mateni kewan
iku siji-sijia.” [6] Banjur padha mbage-mbage
wilayah kang bakal padha didlajahi, Sang
Prabu Akhab nuli tindak piyambakan ndlajahi
wilayah kang siji, dene Sang Obaja ndlajahi
wilayah sijine.

7 Ana ing dalan Sang Obaja kepethuk
Nabi Elia. Bareng wus ora pangling marang
panjenengane, Sang Obaja tumuli sujud
lan matur: “Punapa panjenengan punika
bendara kula Elia?” 8 Paring wangsulane
Nabi Elia: “Iya bener! Mangkata, matura
marang gustimu: Punika Nabi Elia wonten.”
9 Nanging ature Sang Obaja: “Kula nglampahi
dosa punapa ta, dene panjenengan badhe
ngulungaken ingkang abdi punika dhumateng
Sang Prabu Akhab, supados kula dipun pejahi?
10 Demi Yehuwah, Gusti Allah panjenengan,
ingkang gesang, saestunipun boten wonten
bangsa utawi karajan, ingkang boten dipun
dhatengi utusanipun gusti kula Sang Prabu
Akhab prelu ngupadosi panjenengan. Sarta
manawi wonten tiyang ingkang munjuk:
Panjenenganipun boten wonten ing ngriki,
Sang Prabu lajeng dhawuh dhateng karajan
utawi bangsa punika supados sumpah, bilih
panjenengan boten pinanggih wonten ing
ngriku. 11 Mangka sapunika panjenengan kok
dhawuh: Mangkata, matura marang gustimu:
Nabi Elia punika wonten. 12 Bokmanawi saged
kelampahan, manawi kula sampun kesah
saking ngarsa panjenengan, Rohipun Pangeran
Yehuwah lajeng ngangkat panjenengan
dhateng panggenan ingkang kula dereng
sumerep. Manawi kula ngantos sowan ing
ngarsanipun Sang Prabu Akhab tuwin ngaturi
uninga bab panjenengan, sarta panjenengan
boten wonten, kula temtu badhe dipun
pejahi, mangka ingkang abdi punika wiwit

alit ngabekti dhumateng Pangeran Yehuwah.
13 Punapa bendara kula boten kaaturan uninga
bab punapa ingkang kula lampahi nalika
Sang Prameswari Izebel mejahi para nabining
Yehuwah, bilih kula ndhelikaken nabi-nabining
Yehuwah satus wonten ing salebeting guwa,
saben sagrombolan seket, sarta rumeksa
ugi dhateng tedha saha ngombenipun?
14 Mila sapunika, punapa sababipun, dene
panjenengan punika dhawuh: Mangkata,
matura marang gustimu: Punika Nabi Elia
wonten! Kula temtu dipun pejahi dening Sang
Prabu.” 15 Paring wangsulane Nabi Elia: “Demi
Pangeran Yehuwah, Gustining sarwa tumitah
kang gesang, kang dakladeni, lah ing dina iki
uga aku bakal ngaton marang panjenengane.”

Nabi Elia ketemu karo Sang Prabu Akhab

18:16-19

16 Sang Obaja banjur mangkat lan sowan
marang ing ngarsane Sang Prabu Akhab tuwin
ngunjuki uninga bab iku. Sang Prabu Akhab
nuli tindak manggihi Nabi Elia. 17 Bareng Sang
Prabu Akhab mirsa Nabi Elia, enggal tumuli
ngandika marang panjenengane: “Kowe ta
iku, heh wong kang gawe cilakaning Israel!”
18 Nabi Elia mangsuli unjuke: “Sanes kawula
ingkang damel cilakaning Israel, nanging
panjenengan dalem punika saha kulawarga
dalem, sabab panjenengan dalem sampun
sami nilar dhawuh-dhawuhipun Pangeran
Yehuwah saha panjenengan dalem punika

sampun ngetut wingking para Baal. [19] Awit saking punika panjenengan dalem mugi karsaa nglempakaken tiyang Israel sadaya wonten ing redi Karmel, ugi para nabining Baal ingkang cacahipun kawan atus seket punika saha para nabinipun Asyera ingkang cacahipun kawan atus punika, ingkang sami kaparingan tedha saking ing mejaning kratonipun Sang Prameswari Izebel."

Nabi Elia ana ing gunung Karmel

18:20-46

[20] Sang Prabu Akhab tumuli utusan menyang ing sawewengkoning Israel kabeh kadhawuhan nglumpukake nabi-nabi iku menyang ing gunung Karmel. [21] Nabi Elia banjur nyelaki rakyat kabeh lan ngandika: "Isih pira suwene anggonmu padha laku dhengkling lan mangro tingal iku? Manawa Pangeran Yehuwah iku Gusti Allah, iku etut burinen, dene manawa Baal, iku etut burinen." Nanging rakyat ora ngaturi wangsulan sanadyan mung sakecap bae. [22] Nabi Elia banjur ngandika marang rakyat iku: "Mung kari aku dhewe kang dadi nabining Pangeran Yehuwah, mangka nabine Baal iku cacahe patang atus seket. [23] Nanging, coba aku padha wenehana sapi lanang loro; nabi-nabi iku cikben milih siji, supaya dipurak lan ditumpangake ing kayune, nanging aja digeneni. Aku iya bakal nyawisake sapi sijine lan banjur daktumpangake ing kayune sarta uga ora dakgeneni. [24] Sawuse mangkono kowe

padha nyebuta jenenge allahmu, dene aku
uga bakal nyebut asmane Pangeran Yehuwah.
Anadene allah kang paring wangsulan sarana
geni, yaiku kang jumeneng Gusti Allah!"
Rakyat kabeh padha mangsuli, ature: "Inggih
prayogi makaten!"
25 Nabi Elia nuli ngandika marang para nabine
Baal: "Padha miliha sapi siji lan padha cecawisa
dhisik, amarga cacahmu iki akeh. Sawuse
mangkono banjur padha nyebuta jenenge
allahmu, nanging kowe ora kena ndokoki
geni." 26 Wong-wong mau tumuli njupuk sapi
kang diwenehake tuwin padha cecawis sarta
banjur nyebut jenenge Baal wiwit esuk tumeka
wayah tengange, tembunge: "Dhuh Baal, mugi
karsaa paring wangsulan dhumateng kawula
sadaya!" Nanging ora ana swara, ora ana kang
mangsuli. Ing kono para nabi mau nuli padha
jingklak-jingklak ngubengi misbyah kang
digawe dening wong-wong mau. 27 Bareng
wayah tengange Nabi Elia wiwit moyoki
wong-wong iku, pangandikane: "Anggonmu
nyebut sing seru, iku rak allah ta? Bokmanawa
lagi ngalamun, bokmanawa lagi ana urusan
seje, bokmanawa lagi lelungan; ayake lagi
turu, durung tangi." 28 Mulane wong-wong mau
saya seru anggone padha nyebut sarta padha
natoni awake kalawan pedhang lan tumbak
kaya kang wus dadi adate, satemah getihe
dhleweran saka ing awake. 29 Bareng wus
kliwat wayah tengange, ngarepake wayahe
nyaosake kurban sore, polahe kaya wong kang
padha kepanjingan, nanging ora ana swara,

ora ana kang mangsuli, ora ana tandha yen
kagatekake.
30 Nabi Elia banjur ngandika marang rakyat
kabeh: “Padha nyedhaka aku mrene!” Rakyat
kabeh nuli padha nyedhaki panjenengane.
Nabi Elia banjur mbenakake misbyahe
Pangeran Yehuwah kang wus kabubrah.
31 Sawuse iku nuli mundhut watu rolas,
miturut cacahe taler tedhake Rama Yakub. --
Rama Yakub iku wus kaparingan pangandika
dening Sang Yehuwah: “Sira bakal ajeneng
Israel.” -- 32 Watu-watu mau kadamel misbyah
demi asmaning Sang Yehuwah, ing sakubenge
misbyah diparingi kalenan kang kena diiseni
winih rong sukat. 33 Nabi Elia banjur numpuk
kayu-bong, sapine kapurak lan purakane
katumpangake ing kayu mau. 34 Sawuse iku
tumuli ngandika: “Njupuka banyu patang jun,
esokna ing kurban obaran lan ing kayu-bong
iku!” banjur ngandika maneh: “Pindhonana!”
Banjur iya dipindhoni. Nuli ngandika maneh:
“Ping telonana!” Banjur diping-teloni, 35 nganti
banyune mili ing sakubenge misbyah, malah
kalenane nganti kebak banyu.
36 Bareng wus wayahe nyaosake kurban sore,
Nabi Elia banjur majeng lan munjuk: “Dhuh
Yehuwah, Gusti Allahipun Rama Abraham,
Iskak saha Israel, ing dinten punika mugi
kasumerepana dening tiyang, bilih Paduka
punika Gusti Allah wonten ing satengahing
Israel saha bilih kawula punika abdi Paduka
punapa dene bilih anggen kawula nindakaken
prakawis punika sadaya punika awit saking

pangandika Paduka. 37 Paduka mugi karsaa
paring wangsulan dhumateng kawula, dhuh
Yehuwah, mugi karsaa paring wangsulan
dhumateng kawula, supados bangsa punika
nyumerepana, bilih Paduka punika Gusti Allah,
dhuh Yehuwah, saha bilih Paduka ingkang
damel mratobating manahipun.” 38 Ing kono
genining Sang Yehuwah banjur tumurun lan
nyamber kurban obaran, kayu-bong, watu
lan lemahe nganti entek gusis, malah banyu
ing kalenane uga asat kadilat ing geni mau.
39 Nalika rakyat kabeh ndeleng kadadean iku,
tumuli padha sujud sarta ngucap: “Pangeran
Yehuwah, Panjenengane iku Gusti Allah!
Pangeran Yehuwah, Panjenengane iku Gusti
Allah!” 40 Nabi Elia tumuli ngandika marang
wong kabeh: “Cekelen nabi-nabi Baal iku, siji
bae aja nganti ana kang bisa oncat.” Bareng
wus padha dicekel, banjur dibekta dening Nabi
Elia menyang ing kali Kison sarta kabeleh ana
ing kono.

41 Sawuse mangkono Nabi Elia nuli matur
marang Sang Prabu Akhab: “Kawula
aturi tindak, dhahar saha ngunjuk, awit
kumrasaking jawah sampun kepireng.” 42 Sang
Prabu Akhab banjur tindak tuwin dhahar
lan ngunjuk. Nanging Nabi Elia minggah ing
pucaking gunung Karmel, banjur jengkeng
ing lemah, pasuryane kaapit ing jengkune.
43 Sawuse iku nuli ngandika marang abdine:
“Munggaha, ndelenga ing sagara.” Abdine
mau banjur munggah, ngungak banjur matur:
“Boten wonten punapa-punapa.” Pangandikane

Nabi Elia: "Mangkata maneh." Mangkono nganti rambah kaping pitu. [44] Bareng kaping pitune, abdine mau matur: "Lah wonten mega alit, agengipun saepek-epek, ingkang medal saking saganten." Nabi Elia nuli ngandika: "Mangkata, matura marang Sang Prabu Akhab: Paduka karsaa ngrakit kareta titihan dalem saha kawula aturi tindak tumedhak, supados sampun ngantos kebetheng ing jawah." [45] Kacarita ing sakedhap netra langit banjur dadi peteng marga saka mendhung kanthi prahara, tumuli udan deres. Sang Prabu Akhab banjur nitih kreta lan tindak menyang ing Yizreel. [46] Nanging Nabi Elia kaayoman ing pangwaosing Pangeran Yehuwah. Panjenengane ngencengake paningsete banjur lumajeng ngrumiyini Sang Prabu Akhab nganti tekan ing dalan kang menyang ing Yizreel.

Nabi Elia minggah ing gunung Horeb

19:1-8

19 [1] Bareng Sang Prabu Akhab paring sumurup marang Sang Prameswari Izebel bab apa kang katindakake dening Nabi Elia lan bab anggone Nabi Elia mejahi sakehing nabi kalawan pedhang, [2] Sang Prameswari Izebel banjur utusan wong nglantarake pangandikane marang Nabi Elia mangkene: "Aku muga diganjara paukuman mangkene dening para allah, malah ngluwihana iku, manawa sesuk kira-kira wayah mangkene iki nyawamu ora dakgawe padha kaya nyawane

sawiji-wijine wong iku.” 3 Nabi Elia temah
ajrih sarta banjur tindak ngungsi gesang;
bareng rawuh ing Bersyeba, kang klebu
wewengkon Yehuda, abdine ditilar ana kono.
4 Dene panjenengane piyambak lumebet
ing pasamunan dohe nganti lakon sedina,
nuli lenggah ing sangisoring wit rotem.
Panjenengane banjur kepengin seda, unjuke:
“Sampun samanten kemawon! Sapunika,
dhuh Yehuwah, Paduka mugi karsaa mulung
nyawa kawula, sabab kawula punika boten
langkung sae katimbang para leluhur kawula.”
5 Sawuse mangkono panjenengane nuli
leyeh-leyeh lan sare ana ing ngisor wit rotem
mau. Nanging dumadakan ana malaekat
kang njawil panjenengane kalawan ngandika:
“Tangia, mangana!” 6 Bareng mirsani ing
sakubenge, ing ulon-ulone ana roti panggang
lan kendhi isi banyu. Banjur dhahar lan
ngunjuk, tumuli sarean maneh. 7 Nanging
malaekate Yehuwah rawuh maneh kang
kaping pindhone tuwin njawil panjenengane
kalawan ngandika: “Tangia, mangana! Sabab
manawa ora, lakunira mengko bakal kadohen
tumrap sira.” 8 Mulane panjenengane nuli
wungu tuwin dhahar lan ngunjuk, sarta marga
saka dayaning dhaharan mau panjenengane
banjur bisa tindak nganti patang puluh dina
patang puluh bengi suwene, nganti tekan ing
gunungnging Allah, yaiku gunung Horeb.

Gusti Allah ngatingal ana ing gunung Horeb

19:9-18

9 Bareng ana ing kono panjenengane banjur
lumebet ing guwa lan nyare ana ing kono.
Nuli ana pangandikane Pangeran Yehuwah
marang panjenengane mangkene: "Ana
apa sira ana ing kene iki, Elia?" 10 Atur
wangsulane: "Sanget-sanget anggen kawula
ngudi tumindak ing damel kagem Pangeran
Yehuwah, Gusti Allahipun sadaya ingkang
tumitah, amargi tiyang Israel sami nilar
prajanjian Paduka, sami mbibrahi misbyah-
misbyah Paduka saha sami mejahi nabi-nabi
Paduka kalawan pedhang; namung kawula
piyambak ingkang taksih gesang, mangka
tiyang-tiyang wau inggih sami kepengin njabut
nyawa kawula." 11 Pangeran banjur ngandika:
"Sira metua lan ngadega ana ing dhuwur
gunung iki ana ing ngarsaning Sang Yehuwah!"
Ing kono Pangeran Yehuwah nuli tindak
langkung! Angin gedhe lan banter,
kang mbengkahake gunung-gunung lan
nggempalake parang-parang ndhisiki tindake
Sang Yehuwah. Nanging Pangeran Yehuwah
ora ana ing sajroning angin iku. Lan sawuse
angin mau banjur ana lindhu. Nanging Sang
Yehuwah ora ana ing sajroning lindhu iku.
12 Sawuse lindhu nuli ana geni kang teka,
nanging Pangeran Yehuwah ora ana ing
sajroning geni kono. Sawuse geni iku tumuli

ana swaraning angin kang midid. 13 Bareng
Nabi Elia mireng iku, pasuryane banjur
ditutupi kalawan ageme jubah sarta nuli miyos
lan jumeneng ana ing lawanganing guwa.
Banjur mireng swara kang ngandika marang
panjenengane: “Ana apa sira ana ing kene iki,
Elia?” 14 Atur wangsulane: “Kawula tumindak
ing damel kalayan sagiyat-giyatipun kagem
Pangeran Yehuwah, Gusti Allahipun ingkang
sarwa dumadi, awit tiyang Israel sami nilar
prajanjian Paduka saha mejahi para nabi
Paduka kalayan pedhang, nanging kawula
piyambak ingkang taksih gesang, mangka
tiyang-tiyang wau inggih kepengin njabut
nyawa kawula.”
15 Pangeran Yehuwah banjur ngandika
marang panjenengane: “Sira mangkata,
metua ing dalanira, kang wus sira liwati
ngliwati pasamunan menyanga ing Damsyik,
lan sawuse sira tekan ing kana, Hazael sira
jebatana dadi ratu ing Aram. 16 Uga Yehu
putune Nimsi, sira jebatana dadi ratu ing
Israel, sarta Elisa anake Safat, saka ing
Abel-Mehola, sira jebatana dadi Nabi, cikben
nggenteni sira. 17 Nuli sing sapa oncat saka
pedhange Hazael bakal dipateni dening Yehu;
lan singa sapa oncat saka pedhange Yehu,
bakal dipateni dening Elisa. 18 Nanging Ingsun
bakal ngarekakake wong pitung ewu ana ing
Israel, yaiku sakehe wong kang ora sujud
nyembah marang Baal lan kang cangkeme ora
nucup marang Baal iku.”

Nabi Elisa katimbalan

19:19-21

19 Sawuse Nabi Elia tindak saka ing kono,
banjur ketemu karo Elisa anake Safat, kang
lagi mluku kalawan sapi rolas rakit, Elisa
dhewe nglakokake kang karolas. Nalika Nabi
Elia tindak ana ing sacedhake nuli nguncalake
ageme jubah marang dheweke. 20 Elisa banjur
ninggal sapine lan mlayu nututi Nabi Elia,
kalawan matur: "Keparenga kula badhe
ujung dhateng bapak saha ibu kula rumiyin,
mangke lajeng badhe ndherek panjenengan."
Paring wangsulane: "Iya becik, muliha
dhisik, nanging elinga marang apa kang wus
daktindakake marang kowe." 21 Elisa nuli bali
saka ing ngarsane Nabi Elia, banjur njupuk
sapi rakitane mau, kasembeleh lan daginge
kaolah nganggo kayu abah-abahane sapi mau;
daging iku tumuli kaedum-edum marang para
wonge, sawuse mangkono nuli padha mangan.
Salebare mangan Elisa tata-tata sarta banjur
ndherek Nabi Elia dadi abdine.

Samaria kauwalake saka ing pangepungan

20:1-22

20 1 Sang Prabu Benhadad, ratu ing nagara
Aram, ngempalake wadya-balane
kabeh, sarta kabiyantu dening ratu telung
puluh loro lan jaran tuwin kareta, banjur

nglurug ngepang Samaria, kang ditempuh ing
perang. 2 Sang Prabu nuli ngintunake utusan
menyang ing kutha iku, kadhawuhan sowan ing
ngarsane Sang Prabu Akhab, ratu ing Israel lan
matur: "Makaten pangandikanipun Sang Prabu
Benhadad: 3 Kagunganipun jene tuwin selaka
punika gadhahan kula, saha para ingkang
garwa lan ingkang putra-putra ingkang sami
endah ing warni punika ugi gadhahan kula."
4 Sang Nata ing Israel mangsuli pangandikane:
"Kados dene ingkang paduka dhawuhaken,
dhuh gusti kawula Sang Prabu, kawula dalah
sadaya gadhahan kawula, punika kagungan
paduka!" 5 Sawuse iku para utusan mau padha
bali lan matur: "Makaten pangandikanipun
Sang Prabu Benhadad: Pancen kula sampun
utusan tiyang sowan ing ngarsa panjenengan
lan matur: Kagunganipun jene saha selaka,
para ingkang garwa saha para ingkang putra
kedah sami panjenengan pasrahaken dhateng
kula, 6 nanging benjing-enjing kinten-kinten
ing wanci makaten, kula badhe ngutus para
punggawa kula supados sowan ing ngarsa
panjenengan saha nggledhah griyanipun para
punggawa panjenengan, sarta punapa ingkang
dipun tingali lan dipun pengini badhe dipun
pendhet saha badhe dipun bekta."
7 Sang Nata ing Israel banjur nimbali
sakehing tuwa-tuwaning nagara, padha
dipangandikani mangkene: "Padha gatekna,
wong iki arep gawe cilaka kita, sabab wus
utusan wong sowan ing ngarsaningsun njaluk
garwa-garwaningsun lan para putraningsun,

emas lan selakaningsun sarta ingsun wus
saguh masrahake.” [8] Sakehing tuwa-tuwa
lan rakyat kabeh padha munjuk: “Sampun
dipun pidhangetaken, sampun dipun sagahi!”
[9] Awit saka iku banjur ngandika marang
para utusane Sang Prabu Benhadad: “Sira
padha munjuka marang gustiku Sang Prabu:
Sadaya pamundhut paduka dhumateng
kawula ingkang kawitan, punika badhe
kawula caosaken, nanging pamundhut paduka
ingkang kantun punika, kawula boten saged
minangkani.” Para utusan nuli padha mundur
lan ngaturake wangsulan mau marang Sang
Prabu Benhadad. [10] Sang Prabu Benhadad
banjur utusan wong sowan ing ngarsane Sang
Prabu Akhab, kadhawuhan matur: “Kula mugi
dipun paringana paukuman makaten dening
para allah, malah nglangkungana saking
punika, manawi rakyat ingkang ndherekaken
kula taksih sami saged nggegem bleduging
gempuranipun Samaria.” [11] Nanging Sang Nata
ing Israel mangsuli pangandikane: “Sira padha
matura: Tiyang ingkang saweg nganggar
pedhang sampun ngantos gumunggung kados
dene tiyang ingkang sampun nyelehaken
pedhangipun.” [12] Bareng Sang Prabu
Benhadad, kang nalika iku lagi unjuk-unjukan
karo para ratu ana ing pakuwon, midhanget
pangandika kang mangkono iku, nuli ngandika
marang para punggawane: “Padha tataa
baris!”, banjur padha tata baris arep nglawan
kutha mau.

13 Nanging dumadakan ana nabi kang sowan
ing ngarsane Sang Prabu Akhab, ratu ing
Israel lan matur: "Makaten pangandikaning
Yehuwah: Apa sira wus ndeleng sakehing
wong kang padha rame-rame iku? Lah ing dina
iki iku bakal padha Sunulungake ing tanganira,
supaya sira sumurup, manawa Ingsun iki
Yehuwah." 14 Sang Prabu Akhab tumuli
ndangu: "Sinten ingkang badhe mbiyantu?"
Atur wangsulane: "Makaten pangandikanipun
Sang Yehuwah: Para neneman pandherekipun
para kepala dhaerah." Sang Prabu ndangu
maneh: "Sinten ingkang badhe miwiti perang?"
Atur wangsulane: "Panjenengan dalem!"
15 Sang Prabu banjur nacahake para nonoman
pandhereke para kepala dhaerah mau. Kehe
ana rong atus telung puluh loro, lan sawuse
iku banjur ngetang cacahe rakyat kabeh,
yaiku wong Israel kabeh. Cacahe ana pitung
ewu. 16 Iku padha maju perang, nempuh ing
wayah tengange, nalika Sang Prabu Benhadad
lagi unjuk-unjukan nganti wuru ana ing
pakuwone, bebarengan karo para ratu kang
padha mbiyantu kang cacahe telung puluh loro
mau. 17 Nalika para nonoman pandhereke para
kepala dhaerah iku padha ndhisiki nempuh.
Sang Prabu Benhadad tumuli utusan wong
kadhawuhan niti-priksa, lan iku padha ngaturi
uninga marang panjenengane mangkene:
"Wonten tiyang ingkang sami nempuh perang
saking Samaria." 18 Sang Prabu tumuli
ngandika: "Wong-wong iku, tekane apa
kepengin bedhami apa arep perang, kabeh

padha cekelen urip-uripan!”
[19] Nalika iku
wong-wong padha metu saka ing sajroning
kutha, yaiku para nonoman pandhereke para
kepala dhaerah sarta uga wadya-bala kang
padha ngetutake.
[20] Iku banjur padha mateni
mungsuh kang ana ing ngarepe, satemah
wong Aram iku nuli padha lumayu, lan dioyak
dening wong Israel. Nanging Sang Prabu
Benhadad, ratu ing Aram bisa oncat kalawan
nitih titihan, bebarengan karo wadya jaranan
sawatara.
[21] Sang Nata ing Israel uga majeng
perang sarta banjur nyirnakake jaran-jaran lan
kreta-kreta lan njalari bangeting kalahe wong
Aram.
[22] Sawuse mangkono nabi mau nuli
sowan ing ngarsane Sang Nata ing Israel lan
munjuk: “Lah sapunika panjenengan dalem
kawula aturi ingkang santosa ing panggalih,
kawula aturi nimbang-nimbang saha nggalih
punapa ingkang kedah panjenengan dalem
tindakaken, awit benjing gumantosing taun
ratu ing Aram badhe merangi panjenengan
dalem.”

Peperangan ing sacedhake kutha Afek

20:23-34

[23] Para punggawane Sang Prabu ing Aram
padha munjuk marang panjenengane:
“Allahipun ngrika punika allahing redi;
milanipun ngrika langkung kiyat tinimbang
kita. Nanging manawi anggen kita perang
nglawan ngrika punika wonten ing tanah
ingkang wradin, kita tamtu langkung kiyat

tinimbang ngrika. [24] Sapunika panjenengan
dalem kawula aturi tumindak makaten: Para
ratu punika mugi sami kapecata saking ing
kalenggahanipun, kagentosana dening para
bupati. [25] Panjenengan dalem lajeng karsaa
nglempakaken wadya-bala ingkang cacahipun
sami kaliyan ingkang tiwas, makaten ugi kapal
saha kretanipun cacahipun inggih kados kala
rumiyin. Sumangga lajeng sami mengsah
perang nglawan tiyang-tiyang punika wonten
ing tanah wradin, kita tamtu langkung kiyat
katimbang ngrika." Sang Prabu karsa ndhahar
ature iku lan banjur tumindak mangkono.
[26] Ing taun candhake Sang Prabu Benhadad
mriksa wadya-bala ing Aram banjur majeng
perang menyang ing Afek, nglawan wong
Israel. [27] Wong Israel uga mriksa barisane
sarta sawuse kasangonan nuli mangkat
mapagake wong Aram. Wong Israel padha
pacak baris adhep-adhepan karo wong Aram,
katone kaya wedhus rong pantha, mangka
wong Aram tekane kaya dene banjir kang
ngelebi nagara iku. [28] Ing kono abdining Allah
banjur sowan ing ngarsane Sang Prabu ing
Israel lan munjuk: "Makaten pangandikanipun
Pangeran Yehuwah: Ing sarehne wong Aram
iku wus ngucap: Pangeran Yehuwah iku
allahing gunung lan dudu allahe tanah warata,
mulane Ingsun bakal ngulungake wadya-bala
kang gedhe iku marang ing tanganira, supaya
sira padha sumurup, manawa Ingsun iku
Pangeran Yehuwah." [29] Pitung dina anggone
padha pacak baris adhep-adhepan. Nanging

ing dina kapitu iku nuli wiwit padha perang
lan ing sajroning sedina wong Israel nggecak
panunggalane wong Aram wadya-bala
dharat satus ewu. 30 Kekarene padha lumayu
menyang ing Afek, lumebu ing kutha, nanging
temboke ambruk nibani wong pitulikur ewu,
yaiku kekarene mau.
Nalika samana Sang Prabu Benhadad
lumajeng lumebet ing kutha lan ndhelik
pindhah-pindhah kamar. 31 Para punggawane
nuli padha munjuk marang panjenengane:
“Kauningana, kawula sampun sami mireng,
bilih para ratu trahing Israel punika ratu
ingkang sami ambek mirah. Sumangga sami
mangangge bagor ing bangkekan kita saha
tangsul ing sirah kita lajeng sami medal
sowan ing ngarsanipun Sang Nata ing Israel;
bokmanawi panjenengan dalem lajeng dipun
gesangi.” 32 Sawuse mangkono tumuli padha
manganggo bagor ing bangkekane lan tali
ing sirahe sarta banjur sowan marang ing
ngarsane Sang Nata ing Israel tuwin munjuk:
“Abdi paduka Sang Prabu Benhadad matur:
Gusti kawula mugi karsaa paring gesang
dhumateng kawula.” Paring wangsulane:
“Apa panjenengane isih sugeng? Iku rak
sadherekingsun.” 33 Wong-wong mau padha
nganggep, manawa iku pratandha kang
becik, mulane pangandika mau digondheli lan
munjuk: “Sang Prabu Benhadad punika pancen
sadherek dalem!” Sawuse mangkono Sang
Prabu Akhab ngandika: “Padha mangkata,
panjenengane dherekna mrene!” Dadine Sang

Prabu Benhadad banjur miyos lan sowan ing
ngarsane, tumuli kaajak nitih kreta. 34 Sang
Prabu Benhadad matur: “Kitha-kitha ingkang karebat dening rama kawula saking rama paduka, badhe kawula unjukaken wangsul; salajengipun bokbilih paduka ngersakaken badhe yasa peken wonten ing Damsyik kagem paduka, sumangga, inggih kados dene anggenipun rama kawula yasa wonten ing Samaria.” “Dene kula piyambak,” mangkono pangandikane Sang Prabu Akhab, “badhe ngaturi panjenengan kondur sasampunipun ngawontenaken prajanjian.” Sang Prabu Akhab nuli damel prajanjian kalawan panjenengane, sarta banjur nglilani panjenengane kondur.

Pameca bab paukuman kang bakal tumempuh marang Sang Prabu Akhab

20:35-43

35 Tumuli golonganing para nabi ana siji kang tutur marang kancane marga saka dhawuhing Pangeran Yehuwah: “Aku penthungen!”
Nanging kancane iku emoh menthung. 36 Iku
nuli dikandhani: “Ing sarehne kowe ora ngestokake swaraning Sang Yehuwah, mulane sumurupa, salungamu saka ing ngarepku, kowe bakal katubruk ing singa.” Lan bareng wong mau lunga saka ing ngarepe, nuli kepethuk singa, kang banjur nubruk dheweke.
37 Nabi mau banjur nemoni wong liyane
lan celathu: “Aku penthungen!” Tumuli iya
dipenthung lan ditatoni. 38 Nabi mau tumuli

lunga lan ngadeg nyegat Sang Prabu ana ing
dalan, kalawan nyamur laku srana mripate
dipreban. 39 Nalika Sang Prabu langkung,
nabi mau nglapurake prakarane marang Sang
Prabu, unjuke: “Nalika abdi dalem punika
majeng dhateng ing satengahing peperangan,
dumadakan wonten tiyang satunggal ingkang
nilar pabarisan kaliyan mbekta tiyang dhateng
ing ngajeng kula kanthi wicanten: Wong
iki jaganen, manawa wong iki nganti ilang,
sanadyan kanthi patrap kapriye bae, nyawamu
bakal kanggo ijole, utawa kowe kudu mbayar
dhuwit satalenta selaka. 40 Nalika abdi dalem
saweg ewed wonten ing ngrika-ngriki, tiyang
punika ical.” Sang Prabu ing Israel nuli
ngandika marang wong mau: “Iya mangkono
iku paukumanira, sira dhewe kang wus
netepake.” 41 Wong mau nuli enggal-enggal
nguculi prebaning mripate, satemah Sang Nata
ing Israel mirsa, manawa iku panunggalane
para nabi. 42 Nabi iku tumuli munjuk: “Makaten
pangandikanipun Sang Yehuwah: Ing sarehne
sira wus ngeculake wong kang Suncadhongake
supaya katumpes, mulane nyawanira bakal
dadi gegentine nyawane, lan rakyatira bakal
dadi gegentine rakyate.” 43 Sang Nata ing
Israel nuli kondur marang ing kadhatone
kalawan panggalih kang rengu lan duka, sarta
banjur rawuh ing Samaria.

Kebone anggur Nabot

21:1-29

21 [1] Sawuse mangkono banjur ana lelakon
mangkene: Nabot, wong Yizreel, duwe
kebon anggur ana ing Yizreel, ing sandhinge
kratone Sang Prabu Akhab, ratu ing Samaria.
[2] Sang Prabu Akhab ngandika marang Nabot:
“Kebon anggurira iku caosna marang ingsun,
arep sundadekakake kebon sayuran, sabab
dumunung ing sacedhake kadhatoningsun.
Sira bakal sunparingi kebon anggur kang
luwih becik tinimbang iku minangka gantine,
utawa manawa sira luwih seneng, ingsun
bakal maringi dhuwit marang sira, sapira
pangajine.” [3] Unjuke Nabot marang Sang Prabu
Akhab: “Pangeran Yehuwah mugi nebihna
kawula saking punika, inggih punika manawi
kawula ngantos nyaosaken warisan saking
para leluhur kawula dhumateng panjenengan
dalem.” [4] Sang Prabu Akhab nuli kondur
ngedhaton kalawan panggalih rengu lan
mendhekel marga saka ature Nabot, wong
Yizreel mau marang panjenengane: “Warisan
saking para leluhur kawula punika boten
badhe kawula caosaken ing ngarsa dalem.”
Sang Prabu banjur leyeh-leyeh ing pasareane
kalawan ungkeb-ungkeb sarta ora karsa
dhahar.

[5] Sang Putri Izebel, kang garwa tumuli marak
marang ing ngarsane sarta matur marang
panjenengane: “Punapa sababipun dene

panjenengan dalem rengu, satemah lajeng
boten karsa dhahar?” 6 Paring wangsulane
Sang Prabu marang Sang Putri: “Marga ingsun
wus ngandika marang Nabot, wong Yizreel
iku: Kebon anggurira iku caosna marang
ingsun kalawan suntumbas, utawa manawa
sira luwih seneng, sira bakal sunparingi
kebon anggur minangka ijole. Nanging ature:
Kebon anggur kawula punika boten badhe
kawula caosaken dhumateng panjenengan
dalem.” 7 Sang Putri Izebel, kang garwa, matur
marang panjenengane: “Panjenengan dalem
rak ingkang sapunika ngasta pangwaosing
karajan wonten ing Israel? Sumangga, kawula
aturi wungu, sarta dhahar punapa dene
dipun eca ing panggalih! Kawula ingkang
badhe ngunjukaken dhumateng panjenengan
dalem kebon angguripun Nabot tiyang Yizreel
punika.” 8 Sawuse mangkono Sang Putri
banjur damel serat atas asmane Sang Prabu
Akhab, nuli disegel kanthi segeling karajan,
tumuli dikintunake marang para pinituwa
lan para panggedhe ing kutha panggonane
Nabot. 9 Layang mau surasane mangkene:
“Sira padha ngundhangna puwasa lan Nabot
iku lungguhna ana ing ngarepe rakyat.
10 Nuli sira mapakna wong dursila loro ana
ing ngarepe; wong loro iku supaya padha
nggugatake dheweke kalawan pandakwa:
Kowe wus ngala-ala marang Gusti Allah lan
ratu. Sawuse mangkono wong iku gawanen
metu lan benturana watu nganti mati.”

11 Wong kang padha tunggal sakutha
kalawan Nabot, yaiku para pinituwa lan para
panggedhe, kang padha manggon ing kutha
mau, padha nglakoni apa sadhawuhe Sang
Putri Izebel marang wong-wong mau, ngetrepi
surasaning layang kang diparingake marang
dheweke kabeh. 12 Padha ngundhangake
puwasa lan Nabot dilungguhake ana ing
ngarepe rakyat. 13 Sawuse mangkono banjur
ana wong loro kang teka, yaiku wong dursila,
kang lungguh arep-arepan karo Nabot. Wong
dursila loro iku nuli nggugatake Nabot ana ing
ngarepe rakyat, pangucape: “Nabot punika
sampun ngawon-awon Gusti Allah kaliyan
Sang Prabu.” Sawuse iku Nabot didhabyang
menyang ing sajabaning kutha nuli dibenturi
watu nganti mati. 14 Bareng wus mangkono
wong-wong tumuli padha kongkonan wong
ngunjuki uninga marang Sang Putri Izebel:
“Punika Nabot sampun dipun benturi sela
ngantos pejah.” 15 Sang Putri Izebel sawuse
midhanget, manawa Nabot wus dibenturi watu
nganti mati, banjur enggal-enggal munjuk
marang Sang Prabu Akhab: “Sumangga,
kawula aturi wungu, kawula aturi mundhut
kebon angguripun Nabot, tiyang Yizreel
punika, kadosdene kagungan dalem, amargi
Nabot, ingkang boten purun nyaosaken kebon
angguripun dhumateng panjenengan dalem
sarana katumbas punika, sampun boten
gesang malih, sampun pejah.” 16 Bareng Sang
Prabu Akhab midhanget, manawa Nabot wus
mati, banjur enggal-enggal wungu lan tindak

menyang ing kebon anggure Nabot, wong
Yizreel iku, arep dipundhut dadi kagungane.
17 Nanging tumuli ana pangandikane Sang
Yehuwah marang Nabi Elia, wong Tisbe iku,
mangkene: 18 "Sira mangkata, nemanana
Akhab, ratu ing Israel kang ana ing Samaria.
Wong iku lagi menyang ing kebon anggure
Nabot, arep diepek. 19 Sira kandhaa marang
dheweke mangkene: Pangandikanipun
Pangeran Yehuwah makaten: Sira wus mateni
lan uga wus ngrampas! Sira uga kandhaa
marang wong iku: Makaten Pangandikanipun
Pangeran Yehuwah: Ing panggonane asu
ndilati getihe Nabot, ana ing kono uga asu
bakal ndilati getihira."
20 Pangandikane Sang Prabu Akhab marang
Nabi Elia: "Sira bisa ketemu kalawan
ingsun ta saiki, he mungsuhingsun?" Atur
wangsulane: "Inggih, pancen sapunika kawula
pinanggih kaliyan panjenengan dalem, amargi
panjenengan dalem sampun ndadosaken sarira
dalem dados budhak kanthi patrap nglampahi
punapa ingkang awon wonten ing paningaling
Sang Yehuwah. 21 Lah Ingsun bakal nekakake
bilai marang sira. Sira bakal Sunsirnakake,
samono uga saben wong lanang saka ing
panunggalane turune Akhab bakal Suntumpes,
iya kang dhuwur iya kang asor kalungguhane
ana ing Israel. 22 Sarta kulawarganira bakal
Sundamel kaya kulawargane Yerobeam bin
Nebat tuwin kaya kulawargane Baesa bin Ahia,
amarga sira gawe gerahing panggalihingSun,
sarta njalari wong Israel padha nglakoni dosa.

23 Ugi tumrap Sang Putri Izebel Pangeran
Yehuwah sampun ngandika: Izebel bakal
kapangan ing asu ana ing temboking jaba
Yizreel. 24 Panunggalane kulawargane Akhab
kang mati ana ing kutha, bakal kapangan ing
asu, dene kang mati ana ing ara-ara bakal
kamangsa dening manuk ing awang-awang."
25 Sanyatane pancen durung tau ana wong
kang kaya Sang Prabu Akhab anggone
ndadekake sarirane dadi budhak kanthi patrap
nglakoni apa kang ala ana ing paningale
Pangeran Yehuwah, marga saka anggone wus
diojok-ojoki dening Sang Putri Izebel, kang
garwa. 26 Malah panjenengane wus nglampahi
kang nistha banget, yaiku anggone ngetut buri
para brahala, plek kaya kang dilakoni dening
wong Amori kang wus kakesahake dening
Sang Yehuwah saka ing ngarepe wong Israel.
27 Bareng Sang Prabu Akhab midhanget
pangandika iku, banjur nyuwek-nyuwek
pangagemane lan ngagem bagor sarta siyam.
Malah anggone sare uga ngagem bagor, tuwin
manawa lumampah alon-alonan. 28 Nuli ana
pangandikane Sang Yehuwah marang Nabi
Elia, wong Tisbe, mangkene: 29 "Apa sira wus
sumurup, manawa Akhab ngesorake awake
ana ing ngarsaningSun? Ing sarehne wong iku
wus ngesorake awake ana ing ngarsaningSun,
Ingsun ora bakal ndhatengake bilai ing sajrone
dheweke isih urip. Besuk ing jamane anake
Ingsun bakal ndhatengake bilai marang
kulawargane."

Sang Prabu Akhab nglurugi perang Ramot-Gilead-Nabining Yehuwah ketemu kalawan para nabi palsu

22:1-40

2Bb 18:1-34

22 [1] Anadene sabanjure nganti telung
taun lawase tentrem ora ana perang
ing antarane Aram lan Israel. [2] Ing taun
kang katelune Sang Prabu Yosafat, ratu ing
Yehuda, tindak maratamu marang ratu ing
Israel. [3] Sang Nata ing Israel ngandika marang
para punggawane: "Apa sira padha sumurup,
manawa Ramot-Gilead iku satemene kita
kang ndarbeni? Nanging kita kok meneng
bae ora kita rebut saka ing tangane ratu ing
nagara Aram." [4] Banjur ngandika marang
Sang Prabu Yosafat: "Punapa panjenengan
karsa tindak sesarengan kaliyan kula nglurugi
Ramot-Gilead?" Paring wangsulane Sang Prabu
Yosafat marang ratu ing Israel: "Kita punika
sami, kula kaliyan panjenengan, rakyat kula
kaliyan rakyat panjenengan, kapal kula kaliyan
kapal panjenengan."

[5] Nanging Sang Prabu Yosafat ngandika
marang ratu ing Israel: "Prayoginipun
miterang rumiyin kados pundi pangandikaning
Pangeran Yehuwah." [6] Sang Prabu ing Israel
nuli ngempalake para nabi, cacahe kira-kira
ana patang atus, iku nuli padha didangu:
"Apa ingsun kena mangkat perang nglawan
Ramot-Gilead apa becik sunwurungake?"

Atur wangsulane: “Sumangga, kawula aturi
tindak! Pangeran badhe ngulungaken ing
astanipun Sang Prabu.” [7] Nanging Sang Prabu
Yosafat banjur ndangu: “Punapa ing ngriki
boten wonten malih satunggaling nabinipun
Pangeran Yehuwah, ingkang saged dados
lantaran anggen kita saged nyuwun pitedah?”
[8] Pangandikanipun Sang Nata Israel marang
Sang Prabu Yosafat: “Taksih wonten satunggal,
ingkang saged dados lantaran anggen kita
nyuwun pitedahipun Pangeran Yehuwah.
Nanging kula sengit dhateng tiyang punika,
awit boten nate meca ingkang sae tumrap
kula, kajawi namung kacilakan, inggih punika
Mikha bin Yimla.” Pangandikanipun Sang
Prabu Yosafat: “Sang Prabu sampun ngandika
makaten.” [9] Sang Nata ing Israel nuli nimbali
sawijining punggawa kraton, dhawuhe: “Mikha
bin Yimla iku dienggal paranana!” [10] Nalika
Sang Nata ing Israel lan Sang Prabu Yosafat,
ratu ing Yehuda, padha lenggah ing dhampare
piyambak-piyambak kalawan ngagem busana
kaprabon, ana ing panuton ing sangarepe
gapura Samaria, kaadhep dening sakehing
nabi kang padha memeca, [11] Zedekia bin
Kenaana gawe rerekan sungu wesi lan
banjur munjuk: “Makaten pangandikanipun
Pangeran Yehuwah: Kalawan sungu iki sira
bakal nyundhangi Aram nganti padha sirna
kabeh.” [12] Sakehe para nabi iya padha meca
mangkono, unjuke: “Kawula aturi nglurug
dhateng ing Ramot-Gilead, paduka badhe

angsal damel; Pangeran Yehuwah badhe
ngulungaken ing astanipun Sang Prabu.”
13 Utusan kang lunga nimbali Nabi Mikha mau
matur marang panjenengane: “Kauningana,
para nabi sampun sami saiyeg nglairaken
pameca ingkang sae tumrap Sang Prabu,
panjenengan mugi inggih mecaa ingkang
sami kaliyan satunggal-satunggalipun para
nabi wau mugi inggih mecaa ingkang
sae.” 14 Nanging Nabi Mikha mangsuli
pangandikane: “Demi Yehuwah kang gesang,
apa kang bakal dipangandikakake dening
Sang Yehuwah marang aku, yaiku kang bakal
dakucapake.” 15 Bareng wus sowan ana ing
ngarsane Sang Prabu, Sang Prabu ndangu:
“Mikha, apa ingsun padha kena nglurug
perang nglawan Ramot-Gilead, apa prayoga
padha sunsandekake?” Atur wangsulane:
“Sumangga, kawula aturi tindak, panjenengan
dalem badhe angsal damel, sabab Pangeran
Yehuwah badhe masrahaken ing astanipun
Sang Prabu.” 16 Nanging Sang Prabu ngandika
marang panjenengane: “Nganti ping Pira
ingsun ndhawuhi sumpah marang sira, supaya
sira matur marang ingsun kang sanyatane
bae demi asmaning Sang Yehuwah?” 17 Ing
kono Nabi Mikha banjur munjuk: “Kawula
sampun ningali tiyang Israel sadaya sami
buyar pating slebar wonten ing redi-redi
kados menda-menda ingkang boten wonten
pangenipun, awit saking punika Pangeran
Yehuwah ngandika: Iku ora padha duwe gusti;
cikben padha mulih menyang ing omahe

dhewe-dhewe kanthi slamet.” 18 Sang Prabu
ing Israel nuli ngandika marang Sang Prabu
Yosafat: “Kula rak sampun matur dhumateng
panjenengan: Piyambakipun punika boten
nate memeca ingkang sae tumrap kula, kajawi
namung kacilakan thok?”
19 Unjuke Nabi Mikha: “Awit saking punika
panjenengan dalem mugi karsaa miyarsakaken
pangandikanipun Sang Yehuwah, kawula
sumerep Pangeran Yehuwah saweg lenggah
ing dhamparipun lan sadaya wadya-bala
swarga sami ngadeg ing sacelakipun, ing
sisih tengenipun saha ing sisih kiwanipun.
20 Punapa dene Sang Yehuwah ngandika:
Sapa kang ngrimuk Akhab supaya maju
perang, amrih tiwas ana ing Ramot-Gilead?
Ingkang satunggal lajeng munjuk makaten,
satunggalipun makaten. 21 Sasampunipun
makaten lajeng wonten satunggaling roh
ingkang majeng tuwin nunten ngadeg
wonten ing ngarsaning Pangeran Yehuwah
saha munjuk: Kawula ingkang badhe
ngrimuk. Pangeran Yehuwah ndangu dhateng
piyambakipun: Srana apa? 22 Unjukipun:
Kawula badhe medal lan dados roh dora-cara
wonten ing cangkemipun sakathahing
nabinipun. Pangandikanipun Sang Yehuwah:
Iya, sira ngrerimuka, sira bakal oleh gawe.
Metua lan nglakonana mangkono! 23 Margi
saking punika, saestunipun Pangeran Yehuwah
sampun ngajengaken roh dora-cara wonten
ing cangkemipun nabi punika sadaya, awit
Sang Yehuwah sampun netepaken badhe

nandukaken bilai dhumateng panjenengan
dalem.”
[24] Sawuse mangkono Zedekia bin Kenaana
maju lan napuk Nabi Mikha kalawan ngucap:
“Mangsa Rohing Yehuwah kok pindhah saka
aku banjur ngandika marang kowe!” [25] Nanging
Nabi Mikha mangsuli pangandikane: “Lah kowe
bakal nyumurupi samangsa kowe lumayu
saka ing kamar siji menyang ing kamar sijine
arep ndhelik.” [26] Sang Nata ing Israel tumuli
dhawuh: “Cekelen Mikha iku, balekna marang
Amon, kang nyekel pangwasa ing kutha, sarta
marang Yoas, putrane Sang Prabu lan tutura:
[27] Mangkene dhawuhe Sang Prabu: Wong iki
lebokna ing pakunjaran lan wenehana mangan
roti lan ngombe banyu sarwa sathithik nganti
ingsun kondur kanthi slamet.” [28] Nanging
unjuke Nabi Mikha: “Manawi panjenengan
dalem saestu kondur kanthi rahayu, Pangeran
Yehuwah temtu boten ngandika lumantar
kawula.” Banjur nglajengake pangandikane:
“Rungokna, he bangsa-bangsa kabeh!”
[29] Sawuse mangkono Sang Prabu ing Israel
bebarengan karo Sang Prabu Yosafat, ratu
ing Yehuda, tindak nglurug menyang ing
Ramot-Gilead. [30] Sang Nata ing Israel ngandika
marang Sang Prabu Yosafat: “Kula badhe
nyamur lampah lan majeng perang, dene
panjenengan kula aturi mangagem busananing
kaprabon panjenengan.” Sang Nata ing Israel
nuli nyamur lampah lan majeng perang.
[31] Anadene ratu ing nagara Aram wus paring
dhawuh marang para panggedhening wadyane

kretan, kang cacahe telung puluh loro,
mangkene: "Sira aja padha perang nglawan
sapa bae, kajaba mung nglawan marang ratu
ing Israel bae." 32 Bareng para panggedhening
wadya kretan padha ndeleng Sang Prabu
Yosafat, banjur padha alok: "Lah iku mesthi
ratu ing Israel!" Mulane nuli padha ngangseg
arep nempuh panjenengane, nanging Sang
Prabu Yosafat banjur nguwuh-uwuh. 33 Bareng
para panggedhening wadya kretan weruh,
manawa iku dudu ratu ing Israel, tumuli padha
mundur saka ing ngarsane.
34 Nanging banjur ana wong kang menthang
gendhewane lan nglepasake panahe tanpa
tujuan kang gumathok; iku ngenani Sang
Nata ing Israel ing antarane sambungane
ageme kere. Sang Prabu nuli ngandika
marang kusiring titihane kreta: "Mingera,
ingsun gawanen metu saka ing paprangan,
sabab ingsun wus ketaton." 35 Nanging perang
ing dina iku sangsaya rame, dene Sang
Prabu tetep jumeneng jejeg ana ing kretane
adhep-adhepan karo wadya-bala Aram, nganti
sasedane ing wayah sore. Rahe mili saka
ing tatune menyang ing dhasaring kreta.
36 Nalika watara wayah suruping srengenge,
ing sauruting pabarisan keprungu alok-alok:
"Padha bali menyang ing kuthane dhewe-
dhewe, menyang ing nagarane dhewe-dhewe!
Sang Prabu wus seda!" 37 Banjur padha mulih
menyang ing Samaria lan nyarekake Sang
Prabu ana ing Samaria. 38 Nalika kreta mau
kakumbah ana ing sapinggiring tlaga Samaria,

rahe Sang Prabu kadilatan ing asu; kala
samana para wanita-tunasusila lagi padha
adus ana ing kono, ngetrepi pangandikane
Pangeran Yehuwah kang wus kalairake.
39 Anadene kekarene riwayate Sang Prabu
Akhab dalah sakehing pandamele sarta
kadhaton gadhing lan sakehe kutha kang
diedegake, iku rak wus katulisan ana ing
buku sejarahe para ratu ing Israel. 40 Kaya
mangkono Sang Prabu Akhab anggone
kepareng ngaso nunggil kalawan para
leluhure, banjur kang putra Pangeran Ahazia
kang jumeneng nggentosi panjenengane.

Sang Prabu Yosafat, ratu ing Yehuda

22:41-50 (22:41-51)

2Bb 20:31--21:1

41 Sang Prabu Yosafat, putrane Sang Prabu
Asa, anggone jumeneng ratu ing Yehuda
ing taun kang kaping pate jumenenge Sang
Prabu Akhab, ratu ing Israel. 42 Nalika wiwit
jumeneng dadi ratu iku Sang Prabu Yosafat
yuswa telung puluh lima taun, dene anggone
ngasta paprentahan ana ing Yerusalem lawase
salawe taun. Kang ibu asma Azuba, putrane
putri Silkhi. 43 Sang Prabu sugenge nulad
kang rama, Sang Prabu Asa; ora nyimpang
saka iku tuwin nindakake apa kang bener
ana ing paningaling Sang Yehuwah. (22-44)
Mung bae tengger-tengger pangurbanan
ora disingkirake. Wong isih padha sesaji lan
ngobong kurban ana ing tengger-tengger

iku. 44 (22-45) Sabanjure Sang Prabu Yosafat
sugenge tansah rukun karo ratu ing Israel.
45 (22-46) Anadene kekarene riwayate Sang
Prabu Yosafat lan anggone ngatingalake
kaprawirane sarta anggone andon perang, iku
rak wus katulisan ing buku sejarahe para ratu
ing Yehuda. 46 (22-47) Sarta sakekarening
pelacuran kanggo ngibadah kang isih ana
wiwit jamane Sang Prabu Asa, kang rama, iku
iya kasingkirake saka ing nagara. 47 (22-48)
Nalika samana ing tanah Edom ora ana
ratune, dene kang dadi ratu iku sawijining
kepala dhaerah. 48 (22-49) Sang Prabu Yosafat
yasa kapal-kapal Tarsis kanggo lelayaran
menyang Ofir prelu njupuki emas, nanging
ora sida mrana, sabab kapal-kapal mau
padha pecah ana ing Ezion-Geber. 49 (22-50)
Nalika iku Sang Prabu Ahazia, putrane Sang
Prabu Akhab, ngandika marang Sang Prabu
Yosafat: "Manawi kepareng, tiyang-tiyang
kula kajengipun mangkat sesarengan kaliyan
tiyang-tiyang panjenengan mawi baita-baita
punika." Nanging Sang Prabu Yosafat ora
marengake. 50 (22-51) Sang Prabu Yosafat
banjur kepareng ngaso nunggil karo para
leluhure, sarta kasarekake ing sandhinge
para leluhure ana ing kuthane Sang Prabu
Dawud, rama leluhure, nuli Pangeran Yoram
kang putra, jumeneng ratu, nggentosi
panjenengane.

Prabu Ahazia, ratu ing Israel

22:51-53 (22:52-54)

[51] (22-52) Sang Prabu Ahazia, putrane Sang
Prabu Akhab, anggone wiwit jumeneng ratu ing
Israel ana ing Samaria nalika taun kang kaping
pitulase jamane Sang Prabu Yosafat, ratu ing
Yehuda sarta anggone ngasta paprentahan
ing Israel suwene rong taun. [52] (22-53)
Panjenengane iku nglampahi apa kang ala
ana ing paningaling Pangeran Yehuwah sarta
sugenge nulad tindake kang rama lan kang ibu
sarta tindake Sang Prabu Yerobeam bin Nebat,
kang wus njalari wong Israel padha nglakoni
dosa. [53] (22-54) Panjenengane ngabekti
marang Baal lan sujud nyembah marang
iku; iki kang nuwuhake gerahe panggalihe
Pangeran Yehuwah, Gusti Allah Israel, plek
kaya kang katindakake dening kang rama.

2 PARA RAJA

Nabi Elia mratelakake bab bakal sedane Sang Prabu Ahazia

1:1-18

1 [1] Bareng Sang Prabu Akhab wus seda,
wong Moab banjur mbalela marang Israel.
[2] Ing sawijining dina Sang Prabu Ahazia
dhawah saka ing pancak-sujining cendhelane
kamar dhuwur ing Samaria, nuli gerah. Tumuli
utusan abdi-abdi kalawan dipangandikani
mangkene: "Padha sowana ing ngarsane Sang
Baal-Zebub, allah ing Ekron, nyuwuna pitedah,
apa anggonku gerah iki bakal bisa senggang."
[3] Nanging Sang Malaekate Pangeran Yehuwah
ngandika marang Nabi Elia, wong ing Tisbe:
"Ngadega, mangkata, nemonana para utusane
ratu ing Samaria lan kandhaa marang wong
mau: Apa ing Israel ora ana Gusti Allahe,
dene kowe nganti padha njaluk pituduh
marang Baal-Zebub allah ing Ekron? [4] Mulane
mangkene pangandikane Sang Yehuwah: Sira
bakal ora tangi maneh saka ing paturon, kang
sira turoni, awit sira mesthi bakal mati." Nabi
Elia nuli tindak.
[5] Bareng para utusan mau wus padha
bali ana ing ngarsane Sang Prabu, padha
dipangandikani mangkene: "Yagene sira kok
padha bali?" [6] Unjuke marang Sang Prabu:

“Wonten tiyang ingkang nyegat dhateng
kawula, kawula sami dipun cariyosi: Padha
balia marang ing ngarsane ratu kang ngutus
kowe lan munjuka: Makaten pangandikanipun
Sang Yehuwah: Apa ing Israel ora ana Gusti
Allahe, dene sira nganti utusan miterang
marang Baal-Zebub, allah ing Ekron? Awit
saka iku sira ora bakal tangi maneh saka
ing paturon kang sira turoni, amarga sira
mesthi bakal mati.” 7 Sang Prabu banjur
ndangu: “Kapriye rupane wong kang nemoni
kowe lan ngandhakake iku marang kowe
kabeh mau?” 8 Atur wangsulane: “Tiyangipun
mangangge sandhangan dhiwut-dhiwut, sarta
mawi sabuk wacucal ing bangkekanipun.”
Sang Prabu tumuli ngandika: “Iku Elia, wong
Tisbe!” 9 Sawuse mangkono Sang Prabu
banjur utusan sawijining opsir kalawan
reh-rehane wong seket kadhawuhan nemoni
Nabi Elia. Opsir mau nuli munggah sowan ing
ngarsane Nabi Elia, kang lagi lenggah ana ing
pucaking gunung, sarta banjur matur marang
panjenengane: “He abdining Allah, Sang
Prabu dhawuh: Mudhuna!” 10 Nanging Nabi
Elia mangsuli, pangandikane marang opsir
mau: “Manawa aku pancen abdining Allah,
muga anaa geni kang tumurun saka ing langit
kang mangsa kowe dalah kalerehanmu seket
kabeh iku nganti entek.” Banjur ana geni kang
tumurun saka ing langit kang mangsa opsir
mau dalasan wonge seket nganti entek.
11 Sang Prabu nuli utusan maneh sawijining
opsir liyane sabawahane wong seket. Opsir

iku matur marang Nabi Elia: “He abdining
Allah, mangkene dhawuhe Sang Prabu:
Mudhuna dienggal!” 12 Nanging Nabi Elia
paring wangsulan marang wong-wong mau
mangkene: “Manawa aku pancen abdining
Allah, muga anaa geni kang tumurun saka ing
langit kang mangsa kowe saandhahanmu wong
seket kabeh nganti entek!” Banjur ana genine
Pangeran Yehuwah kang tumurun saka ing
langit kang mangsa opsir mau saandhahane
wong seket kabeh nganti entek. 13 Sang
Prabu tumuli utusan maneh sawijining opsir
kang katelu sapanekare wong seket. Opsir
kang katelu iku banjur munggah lan bareng
wis tekan nuli jengkeng ana ing ngarsane
Nabi Elia tuwin nyuwun sih-piwelas marang
panjenengane, ature: “Dhuh abdining Allah,
nyawa kula tuwin nyawanipun ingkang abdi
tiyang seket punika mugi manggiha sih wonten
ing ngarsa panjenengan. 14 Rak sampun
wonten latu ingkang tumurun saking langit
ingkang mangsa opsir kalih-kalihipun ingkang
rumiyin saha para kalerehanipun tiyang seket.
Nanging sapunika mugi nyawa kula manggiha
sih wonten ing ngarsa panjenengan.”
15 Sang Malaekate Pangeran Yehuwah nuli
ngandika marang Nabi Elia: “Sira mudhuna
melua wong iku sarta aja wedi marang
dheweke!” Nabi Elia banjur jumeneng lan
mandhap tuwin sowan marang ing ngarsane
Sang Prabu kadherekake dening opsir mau.
16 Nabi Elia nuli matur marang Sang Prabu:
“Makaten pangandikanipun Sang Yehuwah:

Ing sarehne sira wus kongkonan njaluk
pituduh marang Baal-Zebub, allah ing Ekron,
kaya-kaya ing Israel ora ana Allah kang
kena kasuwunan pitedahe, mulane sira ora
bakal tangi maneh saka ing paturon, kang
sira turoni, amarga sira mesthi bakal mati.”
17 Sang Prabu iya banjur seda cocog karo
pangandikane Pangeran Yehuwah lumantar
Nabi Elia. Nuli Pangeran Yoram jumeneng
ratu nggentosi panjenengane, yaiku ing taun
kang kapindhone jamane Sang Prabu Yoram
putrane Sang Prabu Yosafat, nata ing Yehuda,
sabab Sang Prabu Ahazia ora kagungan putra
kakung.
18 Anadene kekarene riwayate Sang Prabu
Ahazia, apa kang katindakake, iku kabeh rak
wus katulisan ana ing buku sejarahe para ratu
ing Israel.

Nabi Elia minggah ing swarga

2:1-18

2 1 Kacarita nalika Nabi Elia bakal
kasengkakake menyang ing swarga dening
Pangeran Yehuwah ing satengahe lesus,
Nabi Elia mau pinuju tindak saka ing Gilgal
kadherekake dening Elisa. 2 Nabi Elia ngandika
marang Elisa: “Kowe keria ing kene, sabab
Pangeran Yehuwah ngutus aku menyang
Betel.” Nanging Elisa mangsuli, ature: “Dhemi
Pangeran Yehuwah ingkang gesang saha
dhemi gesang panjenengan piyambak, kula
saestu boten badhe nilar panjenengan.” Dadine

banjur padha tindak menyang Betel. 3 Ing
nalika samana nuli ana nabi ing Betel sapantha
kang padha methukake Elisa sarta padha
pratela: “Punapa panjenengan sampun mirsa,
bilih ing dinten punika bendara panjenengan
badhe kapulung dhateng swarga dening
Sang Yehuwah?” Wangsulane: “Aku iya wus
mangreti, padha menenga bae!” 4 Nabi Elia
tumuli ngandika marang Elisa: “He Elisa, kowe
keria ana ing kene, sabab aku kadhawuhan
dening Pangeran Yehuwah menyang Yerikho.”
Nanging atur wangsulane: “Dhemi Pangeran
Yehuwah ingkang gesang, saha dhemi gesang
panjenengan piyambak, kula temtu boten
badhe nilar panjenengan.” Mangkono tindake
wus padha rawuh ing Yerikho. 5 Ing nalika iku
ana nabi ing Yerikho sapantha kang padha
nyedhaki Elisa lan padha pratela: “Punapa
panjenengan sampun mirsa, bilih bendara
panjenengan badhe kapulung dhateng swarga
dening Pangeran Yehuwah?” Wangsulane:
“Aku iya wis ngreti, padha menenga bae!”
6 Nabi Elia banjur ngandika marang Elisa:
“Kowe keria ana ing kene, sabab aku
kadhawuhan dening Pangeran Yehuwah
menyang ing bengawan Yarden.” Atur
wangsulane: “Dhemi Pangeran Yehuwah
ingkang gesang, saha dhemi gesang
panjenengan piyambak kula saestu boten
badhe nilar panjenengan.” Banjur padha
nglajengake tindake. 7 Pepanthan nabi mau
ana seket kang padha ndherekake, nanging
tumuli padha mung ngadeg lan ngawasake

saka ing kadohan bae, nalika kekalihe
padha jumeneng ing sapinggire bengawan
Yarden. 8 Nabi Elia nuli mundhut ageme
jubah, digulung lan disabetake ing banyu,
temah piyak ngiwa nengen; kekalihe banjur
padha nyabrang lumampah ing gasikan.
9 Anadene bareng wus padha nyabrang, Nabi
Elia tumuli ngandika marang Elisa: "Kowe
njaluk apa, kang bakal daktandukake marang
kowe, sadurunge aku kapulung saka ing
ngarepmu?" Atur wangsulane Elisa: "Kula
mugi kadunungana kalih bageaning roh
panjenengan." 10 Pangandikane Nabi Elia:
"Kang kokjaluk iku prakara kang angel.
Nanging manawa kowe bisa ndeleng anggonku
kapulung saka ing ngarepmu, kowe mesthi
bakal kelakon kaya mangkono, dene manawa
ora, iya bakal ora kelakon." 11 Nalika lagi
padha nglajengake tindake kalawan ngandika,
dumadakan ana kareta murub, tinarik ing jaran
murub kang misah kekalihe, Nabi Elia banjur
minggah ing swarga ana ing satengahing
lesus. 12 Nalika Elisa ndeleng kang mangkono
iku, nuli nguwuh: "Dhuh rama kula, rama kula!
Kretaning Israel dalah para tiyangipun ingkang
sami numpak kapal!" Sawuse mangkono
banjur wus ora ketingal maneh marang Elisa.
Elisa tumuli nyandhak panganggone lan
disuwek dadi loro, 13 sarta banjur ngukup
ageme jubah Nabi Elia kang wus tiba tuwin nuli
mangkat mulih lan ngadeg ana ing sapinggire
bengawan Yarden. 14 Ageme jubah Nabi Elia
kang wus tiba mau tumuli dicandhak tuwin

disabetake ing banyu kalawan nguwuh: “Endi
Pangeran Yehuwah, Gusti Allahe Rama Elia?”
Bareng banyune kasabet banjur piyak ngiwa
nengen, Elisa banjur nyabrang. 15 Nalika
pepanthan nabi saka ing Yerikho ndeleng
Nabi Elisa saka ing kadohan, tumuli padha
ngucap: “Elisa wus kadunungan rohe Nabi
Elia!” Wong-wong mau banjur padha sowan
marang ing ngarsane sarta padha sumungkem
ing bumi, 16 kalawan matur: “Sumangga
kula aturi mirsani. Panunggilanipun para
ingkang abdi punika wonten tiyang jaler seket
ingkang kendel-kendel. Tiyang-tiyang punika
kajengipun sami kesah ngupadosi bendara
panjenengan, mangke panjenenganipun gek
dipun angkat dening Rohipun Sang Yehuwah
lajeng kauncalaken dhateng ing nginggiling
salah satunggalipun redi utawa dhateng salah
satunggaling lembah.” Paring wangsulane Nabi
Elisa: “Aja padha kongkonan!” 17 Nanging
bareng padha adreng panyuwune nganti
ndadekake lingsem, Nabi Elisa nuli ngandika:
“Iya wis padha kongkonana!” Tumuli padha
kongkonan wong seket. Wong iku padha
nggoleki nganti telung dina suwene, nanging
ora ketemu. 18 Bareng padha bali menyang
ing ngarsane Nabi Elisa, kang isih lereb ana
ing kutha Yerikho, padha dipangandikani
mangkene: “Aku rak wus kandha: Aja padha
mangkat!”

Nabi Elisa damel tawaning banyu ing Yerikho

2:19-22

[19] Wong kang manggon ing kutha kono nuli
padha matur marang Nabi Elisa: "Sumangga
kula aturi mirsani! Kitha punika dunungipun
sae, kados ingkang kapirsanan dening bendara
kula, nanging toyanipun boten sae tuwin ing
nagari punika asring wonten bayi ingkang lair
keluron!" [20] Paring wangsulane Nabi Elisa: "Aku
jupukna pinggan anyar, iku isenana uyah."
Iku iya nuli dicaosake. [21] Nabi Elisa banjur
tindak menyang ing etuking banyu, tumuli
dicemplungi uyah mau kalawan ngandika:
"Mangkene pangandikane Pangeran Yehuwah:
Banyu iki wus Sundadekake tawa, sarta bakal
ora kelakon maneh ana kang mati utawa bayi
kang lair keluron marga saka iku." [22] Temahan
banyune dadi tawa nganti ing dina iki nocogi
pangandika kang wus kawedharake dening
Nabi Elisa mau.

Bocah-bocah ing Betel padha moyoki Nabi Elisa

2:23-25

[23] Nabi Elisa tumuli tindak saka ing kono
menyang ing Betel. Nalika panjenengane
tindak minggah, ana bocah-bocah kang padha
metu saka ing kutha kono kang banjur padha
moyoki panjenengane kalawan nguwuh: "He

buthak, munggaha; munggaha, he buthak!”
24 Nabi Elisa banjur mengo, lan bareng mirsa
bocah-bocah mau, banjur padha diipati-ipati
dhemi asmaning Pangeran Yehuwah. Tumuli
ana bruwang loro kang metu saka ing
alas, kang nyempal-nyempal panunggalane
bocah-bocah mau patang puluh loro. 25 Saka
ing kono Nabi Elisa banjur tindak menyang
ing gunung Karmel lan saka ing kono wangsul
menyang ing Samaria.

Sang Prabu Yoram perang nglawan Moab

3:1-27

3 1 Anadene Sang Prabu Yoram, putrane
Sang Prabu Akhab, anggone jumeneng
ratu ing Israel ana ing Samaria ing taun
kang kaping wolulase jamane Sang Prabu
Yosafat, nata ing Yehuda sarta anggone
ngasta paprentahan lawase rolas taun. 2 Sang
Prabu Yoram iku nglampahi apa kang ala
ana ing paningale Sang Yehuwah, nanging
ora kaya kang rama lan kang ibu: tugu
brahala Baal kang diedegake kang ramane
disingkirake. 3 Ewadene sanadyan mangkono
panjenengane isih lumengket marang dosane
Sang Prabu Yerobeam bin Nebat, kang njalari
wong Israel padha nglakoni dosa; iku ora
ditebihi. 4 Sang Prabu Mesa, ratu ing Moab, iku
ngingah wedhus gembel; minangka bulu-bekti
panjenengane nyaosi marang ratu ing Israel
cempe satus ewu lan wulu wedhus lanang
satus ewu. 5 Nanging sasedane Sang Prabu

Akhab, ratu ing Moab mau mbalela marang
ratu ing Israel.
6 Ing nalika samana Sang Prabu Yoram
miyos saka ing Samaria lan banjur niti-priksa
pabarisane wong Israel kabeh. 7 Sang
Prabu nuli utusan wong sowan marang ing
ngarsane Sang Prabu Yosafat, ratu ing Yehuda,
kadhawuhan ngaturake pangandikane kang
surasane: “Ratu ing Moab sampun mbalela
dhateng kula! Punapa panjenengan karsa
sesarengan kaliyan kula nglurug perang
dhateng ing Moab?” Paring wangsulane: “Kula
badhe majeng perang. Kita punika rak sami,
kula lan panjenengan, rakyat kula kaliyan
rakyat panjenengan, kapal kula kaliyan kapal
panjenengan.” 8 Sarta maneh pangandikane:
“Medal ing pundi anggen kita badhe nglurug?”
Paring wangsulane: “Medal ing pasamunan ing
Edom!”
9 Ratu ing Israel lan ratu ing Yehuda sarta
ratu ing Edom banjur padha tindak nglurug.
Nanging bareng anggone tindak mrana-mrene
wus oleh lakon pitung dina, jebul ora ana
banyu kanggo wadya-bala lan kanggo kewan-
kewane. 10 Sang Nata ing Israel nuli ngandika:
“Adhuh, Pangeran Yehuwah anggone nimbali
katelu-telune iki bakal kaulungake marang ing
tangane wong Moab!” 11 Nanging Sang Prabu
Yosafat tumuli ndangu: “Punapa ing ngriki
boten wonten nabining Pangeran Yehuwah,
ingkang saged dados lantaran anggen kita
nyuwun pitedah dhateng Pangeran Yehuwah?”
Banjur ana sawijining punggawaning ratu

ing Israel kang munjuk: "Ing ngriki wonten
Nabi Elisa bin Safat, ingkang kala rumiyin
ngladosi Nabi Elia." 12 Sang Prabu Yosafat
ngandika: "Inggih, punika pancen kanggenan
pangandikanipun Pangeran Yehuwah."
Sawuse mangkono Sang Nata ing Israel lan
Sang Prabu Yosafat sarta ratu ing Edom padha
tindak murugi Nabi Elisa. 13 Nanging Nabi
Elisa nuli matur marang Sang Nata ing Israel:
"Urusan kawula punapa kaliyan panjenengan
dalem? Kawula aturi tindak dhateng nabinipun
rama dalem saha dhateng nabinipun ibu
dalem." Sang Nata ing Israel mangsuli,
pangandikane: "Sampun makaten ta, sabab
Pangeran Yehuwah nimbali ratu tetiga punika
prelu badhe sami kaulungaken dhateng ing
tanganipun tiyang Moab!" 14 Unjuke Nabi
Elisa: "Dhemi Pangeran Yehuwah, Gustining
sarwa tumitah ingkang gesang, ingkang
kawula ladosi wonten ing ngarsanipun,
manawi boten margi saking Sang Prabu
Yosafat, ratu ing Yehuda, saestunipun kawula
punika boten badhe migatosaken tuwin maelu
dhateng panjenengan dalem. 15 Lah sapunika,
kawula kaupadosna panylempung." Nalika
panylempung ngunekake clempunge, Nabi
Elisa banjur kalimputan ing pangwaosing Sang
Yehuwah.
16 Nabi Elisa nuli munjuk: "Makaten
pangandikaning Pangeran Yehuwah: Padha
gawea kalen-kalen ana ing lebak iki, 17 awit
makaten pangandikaning Sang Yehuwah:
Sira ora bakal padha oleh angin lan udan,

nanging lebak iki bakal kebak banyu, satemah
sira kabeh lan kewan sembelehan sarta
kewan momotanira bakal padha bisa ngombe.
18 Punapa malih punika ugi prakawis sapele
wonten ing paningalipun Sang Yehuwah; ugi
tiyang Moab badhe kaulungaken dhateng
ing asta dalem. 19 Panjenengan dalem sami
badhe nyirnakaken sakathahing kitha ingkang
santosa lan sakathahing kitha pilihan;
panjenengan dalem sami badhe negori
sadaya wit-witan ingkang sae; panjenengan
dalem sami badhe nyumpeti sakathahing
sumber sarta sami badhe ngrisak sakathahing
pategilan kaliyan sela."
20 Esuke nalika wancine wong nyaosake
kurban, dumadakan banjur ana banyu teka
saka ing penere tanah Edom, nagara kono
nuli kebak banyu. 21 Bareng wong Moab
kabeh padha krungu, manawa ratu tetelu mau
padha nglurugi perang, kabeh wong kang isih
bisa nganggar pedhang padha dikerigake,
malah uga para wong kang luwih tuwa;
iku padha dipapanake ana ing tapel-wates.
22 Esuke uthuk-uthuk, nalika srengenge
nyoroti lumahing banyu, tumrap wong Moab
banyu mau katon abang kaya getih. 23 Nuli
padha alok: "Iku getih! Para ratu iku mesthi
wus padha paten-pinaten, kang siji mateni
sijine. Mulane saiki, ayo padha njarah-rayah,
he para wong Moab!" 24 Nanging bareng
padha tekan ing pakuwone wong Israel, wong
Israel banjur tumandang, para wong Moab
padha kagecak, satemah padha lumayu saka

ing kono. 25 Kutha-kutha padha digempuri
sarta saben pategalan kang becik diurugi
watu, amarga saben wong nguncalake watu
mrono. Sakehing sumber padha disumpeti
lan sakehing wit-witan kang becik padha
ditegori, nganti mung kutha Kir-Hareset kang
dikarekake, nanging kutha iki banjur kakepung
lan dikrutugi ing watu dening para pambandhil.
26 Bareng Sang Nata ing Moab mirsa, manawa
perang iki abot banget sanggane, tumuli
mbekta bala pitung atus kang sikep pedang
sumedya nrobos lan nempuh ratu ing Edom,
nanging ora antuk gawe. 27 Sang Prabu nuli
mundhut kang putra kang pambajeng, kang
bakal nggentosi panjenengane jumeneng ratu;
iku kadamel kurban obaran ana ing sadhuwure
pager tembok. Wong Israel banjur nepsu
banget temah nuli padha mundur saka ing
ngarsane lan padha mulih menyang ing tanahe
dhewe.

Lengane sawijining randha

4:1-7

4 1 Ana sawijining wong wadon panunggalane
bojone para nabi sesambat marang Nabi
Elisa, ature: "Abdi panjenengan, semah kula,
sampun tilar donya, mangka panjenengan
punika mirsa, bilih abdi panjenengan wau
ngabekti dhumateng Pangeran Yehuwah.
Nanging sapunika tiyang ingkang nagih
sambutan sampun dhateng badhe mendhet
anak kula kekalih, badhe kadadosaken

rencangipun.” 2 Paring wangsulane Nabi Elisa:
“Apa ta kang bisa daktindakake kanggo
kapreluanmu? Coba tutura marang aku,
kowe duwe apa ana ing omah?” Wong wadon
mau matur: “Kula punika boten gadhah
punapa-punapa wonten ing griya, kejawi
namung lisah sagendul alit.” 3 Nabi Elisa nuli
ngandika: “Lungaa, njaluka wadhah marang
sakehing tanggamu ing jaba, wadhah-wadhah
kang kothong, aja nganti kesithiken. 4 Tumuli
lumebua ing omah, sawise kowe lan anak-
anakmu padha lumebu, lawange kancingen,
lengane banjur isokna ing sakehing wadhah
mau. Endi sing wis kebak, iku singkirna!”
5 Wong wadon iku nuli mundur saka ing
ngarsane; sawuse lumebu ing omah karo
anak-anake, lawange banjur dikancing; anak-
anake padha nyedhakake wadhah-wadhah
marang ibune, dene ibune terus bae anggone
ngiseni. 6 Bareng wadhah-wadhahe wus kebak,
wong wadon iku celathu marang anake:
“Aku wenehana wadhah maneh!” Nanging
wangsulane: “Sampun boten wonten wadhah
malih.” Lengane banjur pampet. 7 Wong wadon
mau nuli lunga ngaturi uninga bab iku marang
abdining Allah; iku tumuli ngandika: “Lungaa,
lenga iku dolen, utangmu saurana sarta
turahane anggonen urip saanak-anakmu!”

Wong wadon ing desa Sunem lan anake

4:8-37

8 Ing sawijining dina Nabi Elisa tindak
menyang ing desa Sunem. Ing kono ana
wong wadon sugih kang ngaturi rawuh
dhahar marang panjenengane. Lan kaping
pira bae anggone tindak langkung ing
kono, panjenengane mesthi mampir dhahar.
9 Wong wadon mau tutur marang bojone:
“Sajatosipun kula sampun mangretos, manawi
tiyang ingkang temtu mampir mriki punika
abdining Allah ingkang suci. 10 Bok mangga
kita damelaken kamar tembok alit wonten
ing nginggil lan kita sukani pasarean kagem
panjenenganipun, kaliyan meja satunggal,
kursi satunggal. Mangke manawi mampir
mriki, kita aturi lumebet mriku.” 11 Ing
sawijining dina Nabi Elisa tindak mrono
lan banjur lumebet ing kamar dhuwur iku
sarta sare ana ing kono. 12 Tumuli ngandika
marang Gehazi, abdine: “Wong wadon ing
Sunem iku konen mrene.” Wong wadon mau
banjur ditimbali lan ngadeg ana ing ngarepe
Gehazi. 13 Nabi Elisa maune wus ngandika
marang Gehazi: “Kandhaa marang wong
wadon iku: Kula sampun sami panjenengan
gumatosi kalayan kangelan ngantos samanten
punika; punapa ingkang badhe kula walesaken
dhateng panjenengan? Punapa wonten bab
ingkang prelu dipun aturaken dhumateng
Sang Prabu utawi dhateng pangagenging

wadya-bala tumrap panjenengan?” Atur wangsulane wong wadon mau: “Kula punika manggen wonten ing satengahing bangsa kula.”
14 Nabi Elisa nuli ngandika: “Manawa mangkono apa ta kang kena daktindakake kanggo kapreluane wong iku?” Ature Gehazi: “Ah, piyambakipun boten gadhah anak, mangka semahipun sampun sepuh.”
15 Nabi Elisa tumuli ngandika: “Undangen wong iku!” Bareng wus katimbalan, wong wadon iku ngadeg ana ing lawang.
16 Nabi Elisa ngandika: “Ing taun ngarep pendhake mangsa mangkene, kowe bakal mondhong anak lanang.” Nanging atur wangsulane wong wadon mau: “Sampun ta bendara kula, dhuh abdining Allah! Sampun ngandika ingkang boten nyata dhateng abdi panjenengan punika!”
17 Wong wadon iku banjur ngandheg lan duwe anak lanang ing pendhake mangsa iku uga, ing taun candhake, cocog karo pangandikane Nabi Elisa marang dheweke.
18 Bareng bocah mau wus gedhe, ing sawijining dina lunga marani bapakne ana ing satengahe para wong kang padha derep.
19 Dumadakan banjur njerit ana ing ngarepe bapakne: “Adhuh sirah kula, sirah kula!” Bapakne nuli prentah marang batur: “Gendhongen bocah iki, parakna marang ibune!”
20 Bocahe banjur digendhong, digawa mulih diparakake marang ibune. Tumuli lungguh ing pangkone ibune nganti wayah tengange, nanging sawuse iku nuli

tinggal donya. [21] Wong wadon mau tumuli
munggah, bocahe diturokake ing pasareane
abdining Allah. Lawange diinebake lan sawuse
mangkono wong wadon iku banjur lunga,
dadine mung bocahe thok kang ana ing jero
kamar. [22] Bojone nuli diceluk pangucape:
"Kula aturi ngintuni salah satunggaling
rencang kaliyan mbekta kuldi estri; kula
enggal-enggal badhe kesah dhateng ing
ngarsaning abdinipun Gusti Allah saha lajeng
badhe wangsul." [23] Bojone celathu: "Sabab
apa kowe kok arep mrana ing dina iki? Saiki
iki rak ora pinuju tanggal sapisan utawa dina
Sabat." Wangsulane kang wadon: "Sampun
kuwatos." [24] Kuldine tumuli diabah-abahi lan
bature diprentahi: "Kuldine tuntunen lan
lakokna kang rikat sarta sajrone lumaku aja
nganggo mandheg, manawa ora dakkon."
[25] Mangkono wong wadon iku nuli mangkat,
lunga menyang ing ngarsane abdining Allah
ing gunung Karmel. Bareng abdining Allah
mirsa dheweke saka ing kadohan, banjur
ngandika marang Gehazi, abdine: "Delengen,
wong wadon ing Sunem mrene! [26] Mlayua,
pethukna lan takonana: Panjenengan punapa
wilujeng, ingkang raka punapa wilujeng,
ingkang putra punapa wilujeng?" Wangsulane
wong wadon mau: "Wilujeng!" [27] Bareng wis
tekan ing gunung, tumuli nyekel sampeyane
abdining Allah, nanging banjur dicedhaki
Gehazi arep diundurake. Nanging abdining
Allah tumuli ngandika: "Cikben ta, atine lagi
sedhih! Pangeran Yehuwah damel wados bab

iki tumrap aku, aku ora diparingi sumurup."
28 Wong wadon mau banjur matur: "Punapa
kula nyuwun anak jaler dhateng bendara
kula? Kula rak sampun matur: Kula sampun
ngantos kaparingan pangajeng-ajeng ingkang
tanpa isi?" 29 Nabi Elisa nuli ngandika marang
Gehazi: "Sabukana, tekenku gawanen lan
mangkata. Manawa kowe kepethuk wong, aja
kokuluki salam lan yen ana wong kang nguluki
salam marang kowe, aja kokwangsuli, tekenku
iki banjur tumpangna ing dhuwure bocah
iku." 30 Nanging ibune bocah mau matur:
"Dhemi Yehuwah ingkang gesang saha dhemi
nyawa panjenengan piyambak, lah kula boten
badhe nilar panjenengan." Nabi Elisa tumuli
jumeneng lan tindak ngetutake wong wadon
iku.

31 Anadene Gehazi wus mangkat ndhisiki
sekarone lan wus numpangake tekene ing
dhuwure bocahe, nanging ora ana swara lan
ora ana tandha-tandhane yen urip. Nuli bali
methukake Nabi Elisa sarta nyaosi uninga,
ature: "Larenipun boten tangi!" 32 Bareng
Nabi Elisa lumebet ing omah, bocahe nyata
wus mati sumeleh ing paturone. 33 Sawuse
lumebet, lawange tumuli kainebake, dadine
mung kari panjenengane piyambak lan
bocahe kang ana ing kamar. Nabi Elisa banjur
ndedonga marang Sang Yehuwah. 34 Bocahe
nuli dirungkebi, tutuke ditempelake ing
cangkeme, lan paningale katempelake ing
mripate, sarta astane katumpangake ing
tangane. Sarehne bocahe dirungkebi, awake

banjur dadi anget. 35 Sawuse mangkono
panjenengane tumuli jumeneng maneh lan
mlampah mrana-mrene sapisan ana ing kamar
mau; sawuse mangkono nuli ngrungkebi
bocahe maneh. Bocahe tumuli wahing nganti
ping pitu, banjur melek. 36 Nabi Elisa nuli
nimbali Gehazi sarta dhawuh: "Undangen
wong wadon ing Sunem iku!" Sawuse ditimbali
banjur marek. Nabi Elisa ngandika: "Bopongen
anakmu iku!" 37 Wong wadon iku nuli marek
nyungkemi sampeyane Nabi Elisa sarta sujud
nyembah, raine nganti konjem ing bumi.
Anake tumuli dibopong digawa metu.

Pati ing sajroning kwali

4:38-41

38 Bareng Nabi Elisa wangsul menyang ing
Gilgal, nagara kono lagi ketaman ing pailan.
Nalika ing sawijining dina ana nabi sapantha
kang ngadep ana ing ngarsane, panjenengane
ngandika marang abdine: "Numpangna kwali
kang gedhe dhewe ing geni, nabi sapantha
iku olahna kang dipangan." 39 Panunggalane
para nabi iku nuli ana siji kang metu,
lunga menyang ing pategalan arep ramban
jejanganan, banjur nemu wit sesuluran
alasan, nuli methik wohe, yaiku labu alasan,
kawadhahan ing jubahe, nganti saprangkul.
Sawuse bali, labune diiris-iris, kacemplungake
ing kwali olah-olahan mau, sabab padha ora
sumurup iku woh apa. 40 Sawuse mangkono
wong-wonge padha dicidhukake dipurih

mangan, nanging sawuse padha mangan, banjur padha alok: “Dhuh abdining Allah, kwali punika isi ingkang mejahi!” Dadine padha ora tahan mangan.
41 Nanging Nabi Elisa tumuli ngandika: “Njupuka glepung!” Iku nuli dicemplungake ing kwali sarta banjur ngandika: “Saiki wong-wong padha cidhukna, cikben mangan!” Ing kono kwaline wus ora ana apa-apane kang mbebayani.

Paring mangan marang wong satus

4:42-44

42 Tumuli ana wong teka saka ing Baal-Salisa nggawa roti wiwitaning panenan kagem abdining Allah, yaiku roti sair rong puluh lan gandum anyar kawadhahan ing kanthong. Nabi Elisa banjur ngandika: “Iku wenehna marang wong-wong iki, cikben padha mangan.”
43 Nanging abdine matur: “Kados pundi anggen kula saged ngladosaken punika dhateng tiyang satus?” Wangsulane: “Iku wenehna marang wong-wong iku, cikben padha mangan, sabab mangkene pangandikane Sang Yehuwah: Wong bakal padha mangan, malah bakal turah.”
44 Wong-wong mau nuli padha diladeni lan banjur padha mangan sarta ana turahane, ngetrepi pangandikane Pangeran Yehuwah.

Senapati Naaman kasarasake

5:1-27

5 [1] Kacarita Senapati Naaman,
panggedhening wadya-balane ratu
ing Aram, iku sawijining priyagung kang
kajen banget ana ing ngarsane gustine sarta
banget anggone ditresnani, awit marga saka
priyagung iku Sang Yehuwah wus paring
kaunggulan marang wong Aram. Nanging
priyagung kang prawira ing perang iku
nandhang gerah kusta. [2] Wong Aram tau
metoni perang gegrombolan lan nggawa
tawanan bocah wadon siji saka ing nagara
Israel. Iku dadi abdine garwane Sang Senapati
Naaman. [3] Abdi iku matur marang bendarane
putri: "Manawi bendara kula karsa manggihi
nabi ingkang wonten ing Samaria punika,
nabi punika temtu damel birating gerahipun."
[4] Sang Senapati Naaman banjur sowan marang
ing ngarsane gustine lan munjuk: "Makaten
rembagipun lare estri ingkang saking nagari
Israel punika." [5] Sang Nata ing Aram nuli
ngandika: "Iya becik, sira mangkata, lan
ingsun bakal kintun serat marang ratu ing
Israel."

Senapati Naaman nuli bidhal kalawan ngasta
pisungsung selaka sepuluh talenta, emas nem
ewu sekel lan sandhangan sepuluh pangadeg.
[6] Layange dicaosake marang ratu ing Israel
kang surasane: "Nuwun wiyosipun, manawi
serat punika sampun tinampi ing Sang Prabu,

kauningana, kula utusan Naaman, punggawa
kula, sowan ing ngarsanipun Sang Prabu, ing
pangangkah mugi panjenengan karsaa mbirat
sesakitipun saraat.” 7 Sawuse maos layang iku
Sang Nata ing Israel banjur nyuwek-nyuwek
pangagemane kalawan ngandika: “Apa ingsun
iki Gusti Allah kang bisa mateni lan nguripake,
dene wong iki kok kongkonan marang
ingsun supaya ingsun nyarasake wong kang
lara saraat? Satemene, padha gatekna lan
wawasen, wong iku rak mung golek dadakan
marang ingsun.”
8 Bareng Nabi Elisa abdining Allah mireng,
manawa Sang Nata ing Israel nyuwek-nyuwek
pangageme, banjur enggal-enggal utusan
wong sowan ing ngarsane Sang Prabu
kadhawuhan munjuk: “Sababipun punapa
dene panjenengan dalem nyuwek-nyuwek
pangageman dalem? Priyagung wau
kadhawuhana manggihi kawula, supados
uninga, bilih ing Israel wonten nabinipun.”
9 Sang Senapati Naaman nuli rawuh ing
daleme Nabi Elisa dalah titihane kreta sajarane
lan kendel ing sangareping lawang. 10 Nabi
Elisa tumuli utusan wong kadhawuhan matur
marang panjenengane: “Panjenengan dalem
kaaturan siram kaping pitu wonten ing
benawi Yarden, temah sarira dalem badhe
pulih sarta panjenengan dalem badhe dados
resik.” 11 Nanging Sang Naaman banjur
tindak kalawan duka, pangandikane: “Dakkira
dheweke apese metu lan ngadeg nyebut
asmane Pangeran Yehuwah, Gusti Allahe, nuli

ngusapake tangane ing lelaraku lan kalawan
mangkono lelaraku saraat banjur waras! [12] Apa
kali Abana lan Parpar ing Damsyik ora luwih
becik katimbang karo sakehing kali ing Israel?
Apa aku ora bisa adus ing kana lan banjur
dadi resik?" Panjenengane tumuli cengkelak
wangsul kalawan bentering panggalih.
[13] Nanging para punggawane nuli padha
nyedhaki lan matur: "Bendara, saupami nabi
punika matur, supados Bendara nglampahi
padamelan ingkang awrat, Bendara rak
inggih badhe nindakaken, ta? Punapa malih
sapunika, nabi punika namung matur: Kawula
aturi siram, temtu lajeng dados resik." [14] Ing
kono panjenengane tumuli mandhap lan slulup
kaping pitu ana ing bengawan Yarden netepi
ature abdining Allah mau, wasana sarirane
banjur pulih maneh kaya awake bocah cilik,
sarta wus dadi resik.
[15] Sang Senapati banjur tindak wangsul
sapandhereke kabeh menyang ing daleme
abdining Allah. Bareng wus rawuh ing kono nuli
jumeneng ana ing ngarsane Nabi Elisa sarta
ngandika: "Sapunika kula sumerep, bilih ing
salumahing bumi punika boten wonten Gusti
Allah kajawi ing Israel. Milanipun panjenengan
mugi karsaa nampeni atur-aturipun ingkang
abdi punika." [16] Nanging Nabi Elisa mangsuli,
ature: "Dhemi Pangeran Yehuwah ingkang
gesang, ingkang kula ladosi wonten ing
ngarsanipun, kula saestu boten badhe
nampeni punapa-punapa." Lan sanadyan
Sang Naaman adreng pamundhute, supaya

karsaa nampeni, nanging Nabi Elisa tetep
ora karsa. 17 Wasana Sang Naaman banjur
ngandika: "Manawi makaten, keparenga kula
nyuwun siti samomotaning bihal sarakit, awit
ingkang abdi boten badhe caos kurban obaran
utawi kurban sembelehan malih dhateng allah
sanesipun kejawi dhateng Pangeran Yehuwah.
18 Salajengipun mugi Sang Yehuwah karsaa
paring pangapunten dhateng kula ing bab
punika: Manawi gusti kula lumebet ing papan
pamujanipun Rimon prelu sembahyang wonten
ing ngriku, temtu lendhehan ing tangan kula,
mila kula inggih kedah ndherek sumungkem
wonten ing papan pamujanipun Rimon punika.
Pratingkah kula makaten punika mugi dipun
apuntena dening Sang Yehuwah." 19 Ature Nabi
Elisa: "Sumangga, kula aturi tindak kaliyan
tentrem rahayu."

20 Bareng tindake Sang Naaman wus sawetara
dohe, Gehazi, rencange Nabi Elisa, abdining
Allah, mikir-mikir mangkene: "Bendaraku
iku kebangeten anggone ering marang Sang
Naaman, priyagung ing Aram iki, nganti ora
karsa nampeni atur-atur kang diasta. Dhemi
Pangeran Yehuwah kang gesang, lah aku
arep mlayu nututi panjenengane lan bakal
nyuwun apa-apa." 21 Gehazi nuli nututi Sang
Senapati Naaman. Bareng Sang Naaman mirsa
wong mlayu-mlayu nututi, banjur mandhap
saka ing kreta arep manggihi dheweke, sarta
ngandika: "Apa slamet?" 22 Atur wangsulane:
"Inggih wilujeng! Bendara kula Elisa dhawuh
dhateng kawula supados matur: Saweg

kemawon punika wonten tiyang neneman
kalih saking pareden Efraim panunggilanipunn
para nabi, ingkang dhateng ing griya kula.
Mila panjenengan mugi karsaa maringi
dhateng tiyang-tiyang punika selaka satalenta
saha panganggen kalih pangadeg.” 23 Sang
Naaman ngandika: “Enya, iki tampanana,
rong talenta.” Sang Naaman banget-banget
anggone meksa marang dheweke, nuli dhawuh
maringi selaka rong talenta kalebokake ing
kanthong loro lan sandhangan rong pangadeg,
banjur kaparingake marang abdine loro,
kang nggawa iku kabeh lan lumaku ana
ing ngarepe Gehazi. 24 Bareng wis tekan
ing gunung, barang-barang mau ditampani
Gehazi, disimpen ana ing omah; wong loro
kang nggawa tumuli padha dikon bali, karone
iya banjur padha bali. 25 Bareng Gehazi lagi
bae lumebu lan ngadhep ana ing ngarsaning
bendarane, Nabi Elisa ndangu: “Saka ngendi,
Gehazi?” Atur wangsulane: “Ingkang abdi
boten kesah dhateng pundi-pundi!” 26 Nanging
pangandikane Nabi Elisa: “Apa atiku ora
ngetutake kowe, nalika priyagung iku mandhap
saka ing titihane kreta methukake kowe?
Lah saiki kowe wis tampa selaka, kang kena
kokanggo nganakake pakebonan-pakebonan,
kebon jaitun, kebon anggur, wedhus lan sapi,
batur lanang lan wadon, 27 nanging lelarane
budhug Sang Naaman bakal tumempel marang
kowe lan anak-putumu ing salawas-lawase.”
Gehazi banjur mundur saka ing ngarsane, wus
nandhang lelara kusta, putih kaya salju.

Wadung kang kumambang

6:1-7

6 1 Ing sawijining dina ana nabi sagelengan
kang matur marang Nabi Elisa: “Cobi
kula aturi mirsani, papan ingkang sami kula
enggeni celak panjenengan punika kerupeken.
2 Kula sami keparenga kesah dhateng
benawi Yarden lan sami badhe mendhet
balok nyatunggal saking ngrika, lajeng sami
badhe damel griya.” Paring wangsulane Nabi
Elisa: “Iya mangkata!” 3 Ana siji kang nuli
matur: “Panjenengan mugi karsaa tindak
sesarengan kaliyan para abdi panjenengan
punika.” Paring wangsulane: “Iya becik, aku
dakmelu.” 4 Dadine iya banjur tindak nyarengi
wong-wong mau. Bareng wis padha tekan ing
bengawan Yarden, nuli padha negori wit-witan.
5 Tumuli kelakon, nalika panunggalane ana
siji kang negor wit, wadunge kecemplung ing
banyu. Banjur sesambat: “Adhuh bendara
kula, punika barang sambutan!” 6 Nanging
abdining Allah ngandika: “Ana ngendi tibane?”
Wong iku nuli nuduhake prenahe. Nabi Elisa
tumuli ngethok kayu, diuncalake mrono,
temah wadunge kumambang. 7 Panjenengane
banjur ngandika: “Wis, jupuken!” Wong mau
nuli mulung tangane njupuk wadunge.

Apa kang katindakake Nabi Elisa ing sajroning perang nglawan nagara Aram

6:8-23

8 Kacarita ratu ing nagara Aram pinuju perang
nglawan Israel. Nalika rembagan karo para
punggawane, ngandika mangkene: "Ingsun
bakal makuwon ana ing panggonan kono
utawa ing kana." 9 Nanging abdining Allah
utusan wong sowan ing ngarsane Sang Nata
ing Israel, kadhawuhan matur: "Ingkang
ngatos-atos, sampun ngantos langkung ing
panggenan punika, amargi tiyang Aram
sampun sami mandhap mriku." 10 Awit saka
iku Sang Nata ing Israel dhawuh supaya
wong padha menyang ing panggonan kang
dipangandikakake dening abdining Allah.
Mangkono anggone Nabi Elisa ngengetake
panjenengane, supaya kang ngatos-atos, iku
ora mung ping pisan ping pindho. 11 Ing kono
panggalihe Sang Nata ing Aram banjur bingung
banget, nuli nimbali para punggawane, padha
dipangandikani: "Apa sira ora padha bisa
caos katrangan marang ingsun, panunggalan
kita iku sapa ta kang sakuthon karo ratu
ing Israel?" 12 Nanging salah sawijining
punggawane munjuk: "Boten, dhuh gusti
kawula Sang Prabu, namung kemawon Nabi
Elisa, Nabi ingkang wonten ing Israel, punika
ingkang ngaturi uninga dhateng ratu ing Israel
bab pangandika ingkang kalairaken dening
gusti kawula wonten ing kamar pasarean

dalem.” [13] Sang Nata ngandika: “Sira lungaa,
golekana panggonane, supaya ingsun bisa
utusan nyekel wong iku.” Nuli padha matur:
“Wonten ing Dotan.” [14] Sang Prabu banjur
ngintunake bala jaranan lan bala kretan sarta
wadya-bala gedhe. Tekane ing wayah bengi,
nuli ngepung kuthane. [15] Bareng rencange
abdining Allah esuk uthuk-uthuk tangi lan
metu menyang ing jaba, katon ana wadya-bala
jaranan lan kretan kang ngepung kutha
iku. Rencange mau tumuli matur marang
panjenengane: “Adhuh, bilai bendara kula!
Kadospundi punika sakecanipun?” [16] Paring
wangsulane: “Aja wedi, amarga kang nunggal
karo kita iku kehe ngungkuli kang padha
nunggal karo wong-wong iku.” [17] Nabi Elisa
banjur ndedonga: “Dhuh Pangeran Yehuwah,
Paduka mugi karsaa mbikak mripatipun,
supados piyambakipun sumerep.” Pangeran
Yehuwah tumuli mbikak mripate batur mau,
satemah bisa sumurup. Gununge katon kebak
prajurit jaranan lan kretan kang murub, kang
ana ing sakubenge Nabi Elisa. [18] Bareng
wong Aram padha mudhun marani, Nabi
Elisa ndedonga marang Sang Yehuwah:
“Mugi Paduka karsaa micakaken tiyang-tiyang
punika.” Pangeran Yehuwah iya banjur
micakake mripate wong-wong mau, nocogi
pandongane Nabi Elisa.

[19] Nabi Elisa tumuli ngandika marang
wong-wong iku: “Dudu iki dalane lan dudu
iki kuthane. Mara melua aku, kowe bakal
padha dakterake menyang ing panggonane

wong kang padha kokgoleki." Nuli padha
diterake menyang ing Samaria. [20] Bareng
wus padha tekan ing Samaria, Nabi Elia
munjuk: "Dhuh Pangeran Yehuwah, Paduka
mugi karsaa mbikak mripatipun tiyang-tiyang
punika, supados sami saged ningali." Pangeran
Yehuwah iya nuli mbikak mripate, temahan
padha bisa ndeleng, sarta padha kaeraman,
dene padha ana ing satengahing kutha
Samaria. [21] Sang Nata ing Israel banjur
ndangu marang Nabi Elisa, nalika mirsa
wong-wong mau: "Punapa tiyang-tiyang
punika prayoginipun sami kula pejahi, rama?"
[22] Nanging atur wangsulane: "Sampun! Punapa
panjenengan dalem adatipun inggih mejahi
ingkang panjenengan dalem tawan kaliyan
pedhang saha kaliyan jemparing dalem?
Sami panjenengan dalem paringi nedha tuwin
ngombe, supados sami nedha lan ngombe,
saha lajeng kajengipun sami wangsul dhateng
ing gustinipun." [23] Wong-wong mau nuli padha
disuguh gedhen-gedhen, lan padha mangan
tuwin ngombe. Sawuse mangkono banjur
padha diparengake mundur, bali menyang ing
ngarsane gustine. Wiwit nalika iku ora ana
grombolane wong Aram maneh kang lumebu
ing nagara Israel.

Kang katindakake Nabi Elisa, nalika Samaria kakepung

6:24--7:20

24 Kacarita sawuse mangkono Sang Prabu
Benhadad, ratu ing Aram nglumpukake
sabalane kabeh, banjur nglurug sarta ngepung
Samaria.
25 Samaria temah katempuh ing
pailan gedhe ing sasuwene kakepung iku,
nganti endhas kuldi siji regane wolung
puluh sekel selaka lan telek dara saprapat
kab rega limang sekel selaka.
26 Kacarita
nalika Sang Nata ing Israel tindak-tindak ing
dhuwur balowarti, ana wong wadon kang
ngaturake kaanane marang Sang Prabu,
unjuke: “Dhuh gusti kawula Sang Prabu,
mugi karsaa paring pitulungan dhumateng
kawula!”
27 Wangsulane: “Manawa Yehuwah
ora mitulungi sira, apa kang ingsun paringake
marang sira? Apa saka panuton utawa saka
ing pamipitan anggur?”
28 Sang Prabu nuli
ndangu: “Ana apa, ta?” Atur wangsulane wong
wadon mau: “Tiyang estri punika cariyos
dhumateng kawula: Anakmu lanang iku
wenehna, supaya ing dina iki aku padha bisa
mangan, dene sesuk genti padha mangan
anakku lanang.
29 Dadosipun kawula sami
ngolah lan nedha anak kawula. Nanging
sareng ing dinten candhakipun kawula
cariyos dhateng piyambakipun: Anakmu genti
wenehna, padha dipangan, anakipun dipun
dhelikaken.”
30 Bareng Sang Nata midhanget

ature wong wadon iku, nuli nyuwek-nyuwek
pangagemane lan ing sajrone tindak-tindak
ana ing dhuwur balowarti iku, wong akeh
padha ndeleng anggone mangagem bagor
tumempel ing sarirane. Sang Prabu tumuli
ngandika: 31 "Ingsun muga kaparingana
paukuman mangkene dening Gusti Allah,
malah muga ngluwihana kang mangkono iku,
manawa ing dina iki sirahe Elisa bin Safat
isih dumunung ing badane." 32 Anadene Nabi
Elisa lelenggahan ana ing daleme karo para
pinituwa. Sang Nata utusan wong ndhisiki
panjenengane, nanging sadurunge kang
kautus mau tekan ing ngarsane Nabi Elisa,
Nabi Elisa wus ngandika marang para pinituwa
iku: "Apa kowe padha sumurup, si tukang
mateni iku kongkonan wong ngethok guluku?
Padha sing awas, manawa kongkonan iku
teka, banjur enggal-enggal inebana lawang
sarta wonge iku dedelen ing lawang, supaya
ora bisa lumebu. Swaraning tindake gustine
rak wus keprungu ana ing buri?" 33 Nalika lagi
ngandika mangkono marang wong-wong mau,
Sang Nata rawuh manggihi panjenengane.
Pangandikane Sang Prabu: "Lah bilai punika
dhatengipun saking Pangeran Yehuwah.
Damelipun punapa kula ngantos-antos
dhumateng Sang Yehuwah malih?"

7 1 Nabi Elisa nuli ngandika: "Padha
ngrungokna pangandikane Pangeran
Yehuwah: Sesuk kira-kira wayah mangkene
glepung kang becik dhewe saseah bakal rega
sasekel lan sair rong seah bakal rega sasekel

ana ing gapuraning Samaria.” 2 Nanging
panggedhening prajurit, kang dadi ajudane
Sang Nata, mangsuli marang abdining Allah,
ature: “Sanadyan Sang Yehuwah damel
cendhela-cendhela wonten ing langit, punapa
saged ingkang makaten punika?” Paring
wangsulane abdining Allah: “Lah kowe bakal
nyumurupi iku kalawan mripatmu dhewe,
nanging ora bakal melu mangan.”
3 Kacarita ing ngarep gapura ana wong
papat kang padha lara budhugen. Kang siji
celathu marang sijine: “Apa prelune aku padha
linggihan ana ing kene nganti mati? 4 Manawa
kandha: Ayo padha lumebu ing kutha, kutha
lagi katempuh ing pailan, aku bakal padha
mati ana ing kana. Dene manawa ana ing
kene, iya bakal padha mati. Mulane saiki ayo
padha mbalik bae menyang ing pabarisane
wadya-bala Aram. Manawa aku padha ditogake
bae, aku iya bakal padha urip, dene manawa
dipateni, iya padha mati.” 5 Bareng wis
repet-repet tumuli padha ngadeg lan padha
lumebu menyang ing pabarisane wong Aram.
Nanging nalika tekan ing pinggiring papan
pabarisane wong Aram, ing kono wus ora ana
wonge. 6 Sabab Pangeran Yehuwah wus damel
wadya-bala Aram padha krungu swaraning
kreta, jaran lan wadya-bala gedhe, satemah
padha sapocapan: “Lah ratu ing Israel wus
mundhut tulung kalawan nyaosi atur-atur
marang para ratune wong Het lan para ratune
wong Mesir supaya padha nempuh marang
kita.” 7 Mulane tumuli mak nyat padha ngadeg

lan ing wayah repet-repet iku padha lumayu;
tarub-tarube, jaran-jarane, kuldi-kuldine lan
pakuwone padha ditinggal mangkono bae,
padha lumayu ngungsi urip.
8 Bareng wong kang padha lara saraat
mau tekan ing pinggiring pakuwon, tumuli
padha lumebu ing sawijining tarub lan banjur
mangan sarta ngombe. Sawuse mangkono,
nuli padha njupuki saka ing kono emas
lan selaka tuwin sandhangan banjur lunga
ndhelikake barang-barang mau kabeh. Nuli
padha bali, lumebu ing tarub liyane sarta
uga ngangkati barang-barang saka ing kono,
lan sawuse mangkono banjur padha lunga
ndhelikake barang-barang mau. 9 Tumuli
padha sapocapan: "Kang padha daklakoni
iki ora becik. Iki dina becik, nanging aku
kok padha meneng-menengan bae. Manawa
aku padha ngenteni nganti wayah raina, aku
mesthi bakal padha tampa paukuman. Mulane
saiki ayo padha sowan ngunjuki uninga bab iki
menyang ing kedhaton."
10 Wong mau nuli padha mangkat lan
banjur nguwuh-uwuh marang para kang jaga
gapuraning kutha lan nyaritakake marang
wong-wong iku, tembunge: "Kula sampun
sami lumebet ing pakuwonipun tiyang Aram,
jebul ing ngriku sampun boten wonten tiyang
saha sampun boten kepireng swaraning
tiyang, ingkang wonten namung kapal kaliyan
kuldi cancangan; tarub-tarub sami dipun tilar
mekaten kemawon." 11 Wong kang jaga gapura

mau banjur padha celuk-celuk lan martakake
bab iku menyang ing kraton.
12 Sanadyan isih bengi, Sang Nata uga
nuli wungu lan ngandika marang para
punggawane: "Sira padha dakpituturi, apa
karepe wong Aram iku tumrap kita. Wong
iku padha sumurup, manawa kita iki padha
nandhang kaluwen, mulane padha metu saka
ing pakuwone lan padha ndhelik ana ing teba
kalawan mikir: Manawa wong Israel metu saka
ing kutha, bakal padha dakcekel urip-uripan,
aku nuli padha lumebu ing kutha." 13 Salah
sawijining punggawane munjuk: "Sumangga
kita sami mendhet kapal gangsal saking
kekantunanipun ingkang taksih wonten ing
kitha punika; badhenipun rak sami kaliyan
sakathahing tiyang Israel, ingkang sampun
sami tiwas pejah punika! Punika kemawon
sumangga kita lampahaken, lajeng sami
ngyektosaken kawontenanipun."
14 Sawuse mangkono banjur padha njupuk
kreta loro sajarane; Sang Nata nuli dhawuh
marang wong-wong mau supaya nglari
parane wadya-bala Aram, pangandikane:
"Padha mangkata, satitekna!" 15 Banjur
padha nututi nganti tekan ing bengawan
Yarden, lah saurute dalan iku katon kebak
sandhangan lan piranti kang padha dibuwang
dening wong Aram nalika padha gugup
lumayu. Para utusan nuli bali lan munjuk
bab iku marang Sang Prabu. 16 Para wong
kang manggon ing kutha tumuli padha metu
njarah rayah papan pakuwone wong Aram.

Marga saka iku glepung kang becik dhewe
rega sasekel saseahe, lan sair rong seah
regane sasekel, nocogi pangandikane Sang
Yehuwah. 17 Anadene panggedhe prajurit kang
dadi ajudane Sang Prabu mau kadhawuhan
njaga ana ing gapura, nanging iku tumuli
kapidak-pidak dening rakyat ana ing kono
nganti mati, laras karo pangandikane abdining
Allah, kang kaucapake nalika Sang Nata
rawuh manggihi panjenengane. 18 Sabanjure
kelakon uga apa kang diaturake abdining
Allah marang Sang Prabu: "Benjing-enjing
watawis ing wanci makaten punika wonten
ing sakethenging kitha Samaria sair kalih
seah badhe regi sasekel saha glepung ingkang
sae piyambak saseah badhe regi sasekel."
19 Nalika iku panggedhening prajurit mau
matur marang abdining Allah: "Sanadyan
Pangeran Yehuwah damel cendhela-cendhela
wonten ing langit, bab punika kados pundi
sagedipun kalampahan?" Nanging Nabi Elisa
ngandika: "Lah kowe bakal sumurup kalawan
mripatmu dhewe, nanging ora bakal melu
mangan." 20 Mangkono tinemune wong mau:
Rakyat ngidak-idak dheweke ana ing gapura
nganti mati.

Sang Prabu paring pitulungan marang wong wadon ing Sunem

8:1-6

8 1 Nabi Elisa maune wus ngandika marang
wong wadon kang anake diuripake maneh:

“Kowe tata-tataa lan lungaa sabrayatmu,
manggona dadi wong neneka ana ing ngendi
bae anggonmu bisa oleh panggonan, sabab
Pangeran Yehuwah wus ndhawuhake anane
pailan, kang mesthi bakal tumempuh marang
ing nagara iki lawase nganti pitung taun.”
2 Wong wadon mau nuli tata-tata lan nglakoni
apa kang kapangandikakake dening abdining
Allah; dheweke lunga sakulawargane sarta
banjur manggon dadi wong neneka ana ing
nagarane wong Filisti lawase pitung taun.
3 Bareng wus pitung taun wong wadon iku
bali saka ing nagarane wong Filisti lan banjur
marek marang ing ngarsane Sang Nata lapur
bab omah lan pategalane. 4 Ing nalika iku Sang
Prabu lagi ngandika marang Gehazi, rencange
abdining Allah: “Coba ingsun caritanana
bab sakehing panggawene Nabi Elisa kang
linuwih!” 5 Bareng Gehazi lagi nyritakake
bab anggone Nabi Elisa nggesangake bocah
kang wus mati, wong wadon kang anake
diuripake iku teka marek marang ing ngarsane
Sang Nata lapur bab omah lan pategalane.
Gehazi tumuli munjuk: “Dhuh gusti kawula
Sang Prabu, punika tiyangipun estri saha
punika ingkang dipun gesangaken dening Nabi
Elisa.” 6 Sang Nata tumuli ndangu marang
wong wadon iku, dene wong wadon iku iya
banjur mratelakake caritane kabeh marang
panjenengane. Sang Prabu tumuli paring
dhawuh marang sawijining punggawa kraton
supaya mbarengi lakune wong wadon mau
kalawan kaparingan piweling: “Sakehing

barang darbeke lan sakehing pametune pategalane wiwit nalika wong wadon iku lunga saka ing nagara kene nganti saprene, iku balekna marang dheweke."

Nabi Elisa ana ing Damsyik

8:7-15

7 Kacarita Nabi Elisa rawuh ing kutha
Damsyik. Nalika iku Sang Prabu Benhadad,
ratu ing nagara Aram pinuju gerah. Bareng
Sang Prabu dicaosi uninga: "Abdining Allah
sampun rawuh mriki." 8 Sang Prabu dhawuh
marang Hazael: "Sira nggawaa atur-atur lan
methuka abdining Allah iku sarta nyuwuna
pitedahe Pangeran Yehuwah lumantar abdine
iku: Ingsun apa bakal senggang anggoningsun
gerah iki." 9 Hazael banjur methuk marang Nabi
Elisa kalawan nggawa atur-atur arupa sakehing
barang ing Damsyik kang endah-endah, kehe
patang puluh momotan unta. Bareng wis tekan
nuli sowan ing ngarsane Nabi Elisa lan matur:
"Ingkang putra Sang Prabu Benhadad, ratu
ing Aram, utusan kula aturipun: Punapa kula
badhe senggang anggen kula gerah punika?"
10 Wangsulane Nabi Elisa: "Balia, matura
marang panjenengane: Panjenengan dalem
temtu badhe senggang. Nanging sanadyan
mangkono, Pangeran Yehuwah wus paring
wangsit marang aku, manawa panjenengane
mesthi bakal seda, marga disedani."
11 Nabi Elisa nuli mandeng mangarep nganti
suwe, wasana abdining Allah iku banjur

muwun. 12 Hazael matur: “Punapa sababipun
dene bendara kula kok muwun?” Wangsulane
Nabi Elisa: “Sabab aku sumurup, manawa
kowe bakal nandukake piala kang gedhe
banget marang wong Israel: kuthane beteng
bakal padha kokobongi, wonge nonoman bakal
padha kokpateni kalawan pedhang, bayine
bakal padha kokbantingi lan wonge wadon
kang ngandheg bakal padha kokbedheli.”
13 Bareng mangkono Hazael matur: “Nanging
ingkang abdi punika sinten ta, rak namung
segawon ta, lah kok saged nindakaken
prakawis ingkang ngedab-edabi makaten?”
Wangsulane Nabi Elisa: “Pangeran Yehuwah
wus paring wangsit marang aku, manawa
kowe bakal dadi ratu ing Aram.” 14 Hazael
tumuli mundur saka ing ngarsane Nabi
Elisa sarta bareng wus tekan ing ngarsane
gustine, Sang Prabu ndangu: “Kapriye
pangandikane Nabi Elisa marang kowe?”
Unjuke: “Pangandikanipun dhateng kawula,
panjenengan dalem temtu badhe senggang.”
15 Nanging esuke Hazael njupuk kemul kang
wus kacelupake ing banyu, banjur dikrukubake
ing pasuryane Sang Prabu, temah Sang Prabu
tumuli seda; Hazael tumuli jumeneng ratu,
nggentosi panjenengane.

Sang Prabu Yoram, ratu ing Yehuda

8:16-24

2Bb 21:1-20

[16] Ing taun kang kaping limane jamane Sang
Prabu Yoram, putrane Sang Prabu Akhab, ratu
ing Israel -- ing nalika iku kang jumeneng ratu
ing Yehuda Sang Prabu Yosafat -- Pangeran
Yoram, putrane Sang Prabu Yosafat ratu ing
Yehuda, jumeneng ratu. [17] Nalika jumeneng
ratu iku yuswane telung puluh loro taun, dene
anggone ngasta paprentahan ing Yerusalem
suwene wolung taun. [18] Sugenge niru tindake
para ratu ing Israel kaya kang dilampahi
dening kulawargane Sang Prabu Akhab,
amarga kang dadi garwane iku putri putrane
Sang Prabu Akhab. Panjenengane nindakake
apa kang ala ana ing paningaling Yehuwah.
[19] Ewasamono Sang Yehuwah ora karsa
nyirnakake Yehuda, marga saka Sang Prabu
Dawud, abdine, nocogi ing prasetyane marang
Sang Prabu Dawud, manawa bakal paring
turun marang panjenengane lan marang para
putrane nganti ing salawas-lawase.

[20] Nalika jamane Sang Prabu Yoram
mau bangsa Edom mbalela lan uwal saka
ing pangwasane Yehuda sarta banjur
njumenengake ratu dhewe. [21] Sang Prabu
Yoram tumuli nglurug menyang ing Zair
mbekta sakehe wadya-bala kreta. Bareng
ing wayah bengi Sang Nata wungu lan
banjur nrobos barisaning wong Edom, kang

ngepung panjenengane bebarengan karo para
panggedhening bala kretan, nanging rakyate
padha mlayu lan padha mulih menyang ing
tarube. 22 Kaya mangkono anggone bangsa
Edom mbalela lan banjur uwal saka ing
pangwasane Yehuda nganti ing saiki. Sawuse
iku Libna uga mbalela, iya dhek jaman samana
iku.
23 Anadene kekarene riwayate Sang Prabu
Yoram lan sakehe pandamele, iku rak wus
katulisan ana ing buku sejarahe para raja ing
Yehuda. 24 Sang Prabu Yoram nuli kepareng
aso nunggil karo para leluhure sarta banjur
kasarekake ana ing sandhinge para leluhure
ana ing kuthane Sang Prabu Dawud. Pangeran
Ahazia, ingkang putra, tumuli jumeneng ratu
nggentosi panjenengane.

Sang Prabu Ahazia ratu ing Yehuda

8:25-29

2Bb 22:1-6

25 Ing taun kang kaping rolase jamane Sang
Prabu Yoram, putrane Sang Prabu Akhab, ratu
ing Israel, Pangeran Ahazia, putrane Sang
Prabu Yoram, ratu ing Yehuda, jumeneng ratu.
26 Nalika jumeneng ratu iku yuswane rolikur
taun, dene anggone ngasta paprentahan
ing Yerusalem suwene setaun. Kang ibu
asmane Atalya, wayahe Sang Prabu Omri,
ratu ing Israel. 27 Sugenge ngenut pratingkahe
kulawargane Sang Prabu Akhab sarta
nglampahi apa kang ala ana ing paningale

Sang Yehuwah kayadene kulawargane Sang
Prabu Akhab, amarga dadi mantune kulawarga
iku.
28 Sang Prabu Ahazia iku tumut karo Sang
Prabu Yoram putrane Sang Prabu Akhab,
nglurugi perang Sang Prabu Hazael, ratu
ing Aram, ana ing Ramot-Gilead.
29 Nanging
bareng Sang Prabu Yoram ditatoni dening
wong Aram, banjur kondur menyang ing
Yizreel, supaya tatune, kang marga saka
panempuhe wong Aram ana ing Rama nalika
perang nglawan Sang Prabu Hazael, ratu ing
Aram, iku dijampenana. Anadene Sang Prabu
Ahazia, putrane Sang Prabu Yoram, ratu ing
Yehuda banjur tindak martuwi marang Sang
Prabu Yoram putrane Sang Prabu Akhab,
marga iku nandhang gerah.

Sang Yehu jumeneng ratu ing Israel

9:1-15

9 1 Kacarita Nabi Elisa nimbali salah
sawijining nabi sarta dipangandikani:
“Kowe sabukana, nggawaa guci isi lenga iki
lan lungaa menyang ing Ramot-Gilead.
2 Yen
wus tekan ing kana, nggolekana Sang Yehu
bin Yosafat bin Nimsi, nuli lumebua, wong
iku konen ngadeg, ninggal kanca-kancane,
banjur jaken mlebu ing kamar ing jero.
3 Guci
isi lenga iki tumuli, sokna ing mustakane lan
matura: Makaten pangandikaning Pangeran
Yehuwah: Sira wus Sunjebadi dadi ratu ing

Israel! Sawuse mangkono ngengakna lawang,
banjur lumayua aja ndadak mangu-mangu.”
4 Nabi enom iku nuli mangkat menyang
ing Ramot-Gilead. 5 Satekane ing kana para
panggedhening prajurit lagi padha nglumpuk.
Wong mau tumuli matur: “Dhuh Bendara
Senapati, punika wonten piweling kagem
panjenengan!” Paring wangsulane Sang Yehu:
“Kanggo sapa ing antarane iki?” Wangsulane:
“Kagem panjenengan, dhuh Sang Senapati.”
6 Sang Yehu banjur jumeneng lan lumebet
ing dalem. Nabi enom mau nuli ngesok
lenga ing mustakane Sang Yehu kalawan
matur: “Makaten pangandikanipun Pangeran
Yehuwah, Gusti Allahipun Israel: Sira wus
Sunjebadi dadi ratuning umate Pangeran
Yehuwah, yaiku bangsa Israel. 7 Sira bakal
mateni brayate gustinira Akhab lan kanthi
patrap mangkono Ingsun malesake marang
Izebel getihe para abdiningSun, para nabi iku,
malah getihe sakehe abdining Sang Yehuwah.
8 Brayate Akhab kabeh bakal sirna; lan Ingsun
bakal numpes kulawargane Akhab kang
lanang, kang pangkate dhuwur lan kang asor
ana ing Israel. 9 Sarta brayate Akhab bakal
Sundadekake padha kaya brayate Yerobeam
bin Nebat lan kaya brayate Baesa bin Ahia.
10 Izebel bakal kapangan ing asu ana ing
pakebonan ing sajabaning Yizreel lan ora ana
wong kang ngubur.” Sawuse mangkono nabi
mau banjur ngengakake lawang lan lumayu.
11 Bareng Sang Yehu medal manggihi
para abdining gustine, ana kang matur

takon: “Kados pundi kabaripun? Punapa
sababipun dene tiyang edan punika
ndhatengi panjenengan?” Paring wangsulane:
“Panjenengan sadaya sampun sami mirsa
tiyangipun lan wicantenipun!” 12 Nanging
kabeh nuli matur: “Ah, ngapusi. Bok kula
sami dipun ngandikani!” Sang Yehu banjur
ngandika: “Wicantenipun dhateng kula
mekaten: Sira wus Sunjebadi dadi ratu ing
Israel.” 13 Wong akeh mau tumuli padha
njupuk sandhangane, dijereng mangkono bae
ana ing undhak-undhakan, ing ngarsaning
sampeyane Sang Yehu, sarta banjur padha
ngunekake kalasangka lan alok-alok: “Sang
Yehu jumeneng ratu!”

14 Kaya mangkono anggone Sang Yehu
bin Yosafat bin Nimsi sekuthon nglawan
Sang Prabu Yoram. -- Anadene Sang Prabu
Yoram dalasan wong Israel kabeh lagi padha
jaga-jaga ana ing Ramot-Gilead, nglawan
Sang Prabu Hazael, ratu ing nagara Aram.
15 Nanging Sang Prabu Yoram piyambak
wus kondur menyang ing Yizreel, supaya
dijampenana anggone nandhang tatu awit
saka panempuhe wong Aram sajrone perang
karo Sang Prabu Hazael, ratu ing Aram. --
Sang Yehu ngandika: “Manawi panjenengan
sampun sami sarujuk, sampun ngantos
wonten tiyang ingkang oncat saking kitha
lajeng suka sumerep bab punika dhateng
Yizreel.”

Sang Prabu Yoram saha Sang Prabu Ahazia kasedanan

9:16-29

16 Sawuse mangkono Sang Prabu Yehu
nuli nitih kreta tindak menyang ing Yizreel,
sabab Sang Prabu Yoram gerah ana ing
kono. Uga Sang Prabu Ahazia, ratu ing
Yehuda rawuh martuwi marang Sang Prabu
Yoram. 17 Nalika prajurit kang jaga ana ing
panggung ing Yizreel sumurup wadya-balane
Sang Prabu Yehu teka, nuli matur: "Kawula
sumerep wadya-bala sabregada." Sang
Prabu Yoram banjur dhawuh: "Ngundanga
prajurit jaranan siji, konen methukake lan
takon: Punapa wilujeng?" 18 Prajurit jaranan
mau nuli mangkat methukake sarta takon:
"Makaten pandangunipun Sang Prabu: Punapa
wilujeng?" Paring wangsulane Sang Prabu
Yehu: "Slamet? Iku dudu urusanmu! Mbalika
bae, melua aku!" Prajurit kang jaga mau
nuli ngaturi uninga: "Utusan sampun dumugi
ing ngrika, nanging boten wangsul." 19 Sang
Prabu tumuli utusan prajurit jaranan maneh.
Bareng wis tekan banjur matur: "Makaten
pandangunipun Sang Prabu: Wilujeng?"
Sang Prabu Yehu mangsuli, pangandikane:
"Slamet? Iku dudu urusanmu! Mbalika bae,
melua aku!" 20 Wong kang jaga mau banjur
ngunjuki uninga: "Tiyangipun sampun dumugi
ing ngrika, nanging boten wangsul! Wondene
patraping anggenipun nggelak ing lampah

kadosdene patrapipun Sang Yehu, wayahipun
Sang Nimsi, amargi panggelakipun kados
tiyang ewah.”
21 Bareng mangkono Sang Prabu Yoram
dhawuh: “Ngrakitana kreta!” Kretane nuli
dirakiti. Sang Prabu Yoram ratu ing Israel
banjur miyos lan Sang Prabu Ahazia, padha
nitih kreta. Karone padha manggihi Sang Yehu,
nuli kepanggih ana ing pakebonane Nabot,
wong Yizreel.
22 Nalika Sang Prabu Yoram
mirsa Sang Yehu, tumuli ndangu: “Apa slamet,
heh Yehu?” Wangsulane: “Kapriye bisane
slamet, salawase ibumu Izebel isih ngingu
sundel lan juru sikir kang kehe samono iku!”
23 Sang Prabu Yoram tumuli enggal-enggal
ngingerake kretane sumedya lumajeng
kalawan ngandika marang Sang Prabu Ahazia:
“Yehu cidra, Nakmas Ahazia!”
24 Nanging Sang
Yehu tumuli menthang gendhewane sarosane,
Sang Prabu Yoram dilepasi panah, tumama ing
antarane walikate lan tumembus ing jantunge,
satemah banjur ambruk ana ing kretane.
25 Sang Yehu nuli dhawuh marang Bidkar,
panggedhening wadya-balane: “Angkaten
jisime, buwangen ing kebone Nabot, wong
Yizreel iku, amarga sumurupa, nalika aku lan
kowe bebarengan nunggang jaran ndherekake
Sang Prabu Akhab, ramane, Pangeran
Yehuwah wus ndhawuhake bab paukuman iki
marang panjenengane, pangandikane:
26 Lah
Ingsun mau bengi wus nguningani getihe
Nabot lan getihe anak-anake, -- mangkono
pangandikane Sang Yehuwah -- mulane

Ingsun bakal mundhut pulihe marang sira ana ing pakebonan kene. Mangkono pangandikane Pangeran Yehuwah. Mulane jisime angkaten lan buwangen ing pakebonan kene, nocogi pangandikane Pangeran Yehuwah."
27 Bareng Sang Prabu Ahazia, ratu ing Yehuda, mirsa kang mangkono iku, iya banjur lumajeng miyos ing dalan kang anjog ing Bet-Hagan, nanging banjur dibujeng dening Sang Prabu Yehu kalawan dhawuh: "Iku iya panahen!" Para prajurite nuli padha nglepasake panahe marang panjenengane ana ing kreta titihane, pinuju ana ing unggah-unggahan ing Gur ing sacedhake Yibleam. Sang Prabu Ahazia tumuli lumajeng ngungsi menyang ing Megido lan seda ana ing
kono. 28 Layone banjur kausung dening para abdine menyang Yerusalem, nuli disarekake ing pasareane piyambak, ing sandhinge para leluhure ana ing kuthane Sang Prabu Dawud.
29 Anadene Sang Prabu Ahazia iku anggone jumeneng ratu ing Yehuda ing taun kang kaping sawelase jamane Sang Prabu Yoram, putrane Sang Prabu Akhab.

Sang Prameswari Izebel kasedanan

9:30-37

30 Kacarita tindake Sang Prabu Yehu wus rawuh ing Yizreel. Bareng Sang Putri Izebel mireng bab iku, nuli celakan, mustakane direngga-rengga, banjur ngungak ing
cendhela. 31 Nalika iku Sang Prabu Yehu pinuju

lumebet ing gapura. Sang Putri Izebel tumuli
nguwuh: "Apa slamet, he Zimri, kang nyedani
gustine iku?" 32 Sang Prabu Yehu nuli tumenga
marang ing cendhela mau sarta ngandika:
"Sapa kang ngguyubi aku? Sapa?" Bareng
ana punggawa kraton loro telu kang padha
mandeng marang panjenengane, Sang Prabu
Yehu tumuli dhawuh: 33 "Jorogna mangisor!"
Sang Putri banjur dijorogake mangisor, rahe
nganti nyiprati tembok lan jaran, jisime
nuli kaidak-idak. 34 Sang Prabu Yehu tumuli
lumebet sarta banjur dhahar lan ngunjuk.
Sawuse mangkono panjenengane ngandika:
"Wong kang kena ing laknat iku jisime urusen,
tumuli kuburen, amarga iku putraning ratu!"
35 Wong-wong banjur padha arep nyarekake
layone, nanging jebul wus ora ana, mung kari
mustaka, sampeyan lan epek-epeke astane
loro-lorone. 36 Banjur padha bali ngunjuki
uninga bab iku marang Sang Prabu Yehu.
Sang Prabu ngandika: "Pancen iya mangkono
iku pangandikane Pangeran Yehuwah kang
kawiyosake lumantar Nabi Elia, abdine, kang
saka ing Tisbe iku: Daginge Izebel bakal
dipangan asu ana ing pakebonan ing sajabane
Yizreel; 37 anadene jisime Izebel iku bakal
dumunung ana ing pakebonan ing sajabane
Yizreel kaya dene rabuk ing pategalan,
satemah ora ana wong kang bisa ngarani: Iki
Sang Putri Izebel."

Sang Prabu Yehu nyirnakake brayate Sang Prabu Akhab

10:1-17

10 [1] Sang Prabu Akhab kagungan putra
kakung pitung puluh ana ing Samaria.
Sang Prabu Yehu nuli damel serat, dikintunake menyang Samaria, marang panggedhening kutha kono, marang para pinituwa lan marang para pamomonge putra-putrane Sang Prabu Akhab, surasane: [2] "Satekane layang iki
marang sira, sira kang padha mengku para putrane gustinira, sarta kang padha ngwasani kreta lan jaran apadene kuthabeteng lan gegaman, [3] padha miliha putrane gustinira
kang utama lan kang sembada dhewe banjur lenggahna ing dhampare kang rama, nuli peranga mbelani kulawargane gustinira."
[4] Nanging wong mau padha banget wedine
sarta pangucape: "Lah wong ratu loro iku bae ora kuwat nandhingi panjenengane, kapriye anggon kita bisa nandhingi?"
[5] Awit saka iku panggedhening kraton lan
panggedhening kutha, lan uga para pinituwa sarta para pamomong padha kongkonan munjuk marang Sang Prabu Yehu: "Kawula sadaya punika abdi dalem sarta sadaya dhawuh dalem badhe sami kawula lampahi. Kawula boten sami badhe njumenengaken sinten kemawon dados ratu. Sumangga, panjenengan dalem karsaa nindakaken punapa ingkang kagalih prayogi."

6 Sawuse mangkono Sang Prabu Yehu nuli
damel serat kang kaping pindhone marang
wong-wong mau, surasane: “Manawa sira
padha mbiyantu ingsun lan padha gelem
ngestokake dhawuhingsun, mara sira padha
sowana marang ngarsaningsun nggawa sirahe
para putrane gustinira, sesuk watara wayah
mangkene menyang ing Yizreel.” Anadene
para raja-putra pitung puluh iku padha ana ing
panggonane para panggedhe ing kutha kono,
kang padha nggulawentah.
7 Kacarita bareng layang iku wus ditampani
dening wong-wong mau, banjur padha nyekel
para raja-putra pitung puluh mau, padha
disembelehi, sirahe padha diwadhahi ing
kranjang nuli dikirimake konjuk marang
Sang Prabu Yehu menyang ing Yizreel.
8 Bareng kongkonan iku seba ngunjuki uninga:
“Sirahipun para raja-putra sampun sami
kaladosaken.” Sang Prabu Yehu nuli dhawuh:
“Kabeh iku dokoken dadi rong tumpuk ana ing
sangarepe gapura nganti sesuk.” 9 Esuke Sang
Prabu Yehu miyos sarta jumeneng ana ing
ngarepe wong sabangsa kabeh, kang banjur
padha dipangandikani mangkene: “Sira kabeh
iku padha ora luput. Pancen ingsun kang wus
nganakake sakuthon nglawan gustiku lan
kang wus nyedani panjenengane; nanging
kang mateni iki kabeh sapa? 10 Sira kabeh
padha sumurup, manawa pangandikane
Pangeran Yehuwah kang wus kawiyos tumrap
kulawargane Sang Prabu Akhab, ora ana
kang ora kelakon. Pangeran Yehuwah wus

nindakake apa kang kapangandikakake
lumantar Nabi Elia, abdine.” [11] Sang Prabu
Yehu banjur mejahi sakehe kekarene brayate
Sang Prabu Akhab kang ana ing Yizreel,
uga sakehe panggedhene, para abdine kang
dipitados lan para imame; ora ana siji bae
kang dilestarekake urip dening Sang Prabu
Yehu.
[12] Sawuse mangkono Sang Prabu Yehu
banjur jumeneng lan tindak menyang ing
Samaria. Ana ing sacedhake Bet-Eked, papan
panggonane para pangon, [13] kepanggih
karo sanak sadhereke Sang Prabu Ahazia,
ratu ing Yehuda, nuli ndangu: “Kowe iku
sapa?” Atur wangsulane: “Adalem punika
sami sanak sadherekipun Sang Prabu Ahazia
lan anggenipun adalem sami mriki punika
badhe ngaturi sugeng dhumateng para
putra-putranipun Sang Prabu saha para
putranipun Sang Prameswari.” [14] Sang Prabu
Yehu banjur dhawuh: “Cekelen wong-wong iku
urip-uripan!” Nuli padha dicekel urip-uripan
lan padha disembelehi ana ing sacedhake
sumur Bet-Eked, cacahe patang puluh loro, ora
ana siji-sijia kang diuripi. [15] Bareng wus tindak
saka ing kono, tumuli kepanggih karo Yonadab
bin Rekhab kang methuk panjenengane. Sang
Prabu uluk salam marang dheweke kalawan
ngandika: “Atimu apa temen kayadene
katemenaning atiku marang kowe?” Unjuke
Yonadab: “Inggih temen.” “Manawa mangkono,
ayo salaman!” Yonadab nuli ngathungake
tangane, banjur kadhawuhan munggah ing

keta dening Sang Prabu Yehu.
16 Pangandikane
Sang Prabu Yehu: "Ayo aku dherekna, supaya kowe nyumurupi anggonku kalawan mempeng tumindak kagem Sang Yehuwah." Dadine Sang Prabu Yehu kadherekake Yonadab ana ing titihane kreta.
17 Sarawuhe ing Samaria, Sang
Prabu Yehu banjur dhawuh mateni sakehe wong kang kagolong kulawargane Sang Prabu Akhab kang isih kari ana ing Samaria, padha disirnakakake, cundhuk karo pangandikane Pangeran Yehuwah marang Nabi Elia.

Sang Prabu Yehu ngicali pangibadah marang Baal

10:18-36

18 Sawuse mangkono Sang Prabu Yehu
banjur nglempakake rakyat kabeh padha dipangandikani mangkene: "Akhab iku anggone ngibadah marang Baal isih kurang, nanging Yehu bakal ngibadah marang iku ngluwihi dheweke banget.
19 Mulane sakehe
nabine Baal padha timbalana supaya padha ngadhep marang ing ngarsaku, kabeh wong kang padha ngibadah marang iku lan sakehe imame, siji bae aja nganti ana kang kari, awit aku arep nyaosake kurban kang gedhe marang Baal. Saben wong kang ora teka, bakal ora lestari urip." Nanging iki mung akale Sang Prabu Yehu anggone bakal nyirnakake wong-wong kang padha nyembah marang Baal.
20 Sabanjure Sang Prabu Yehu
ngandika: "Padha nemtokna dina gedhe

kanggo nganakake pakumpulan suci tumrap
Baal!” 21 Iku nuli diundhangake. Sang Prabu
Yehu utusan wong menyang ing wewengkone Israel kabeh, para wong kang padha nyembah marang Baal padha teka kabeh lan padha lumebu ing kabuyutane Baal, siji bae ora ana kang kari, temah omah mau kebak nganti padha suksukan saka ing pojok tekan ing
pojok. 22 Sang Prabu Yehu tumuli ngandika marang wong kang manggedheni gedhong sandhangan: “Sandhangan kanggo saben wong kang nyembah marang Baal wetokna!” Sandhangan kanggo wong-wong mau banjur diwetokake.

23 Sawuse mangkono Sang Prabu Yehu nuli lumebet ing omah kabuyutane Baal mau kadherekake Yonadab bin Rekhab sarta nuli ngandika marang para wong kang padha nyembah marang Baal: “Titipriksanen lan delengen, aja nganti ana wong siji bae ing satengahmu ing kene kang dadi abdining Pangeran Yehuwah, kejaba mung wong kang
padha nyembah marang Baal.” 24 Wong-wong
nuli padha lumebu arep sesaji kurban sembelehan lan kurban obaran. Anadene Sang Prabu Yehu wus mapanake wong wolung puluh ana ing jaba kang wus padha dipangandikani: “Sing sapa ngetogake bae manawa ana wong panunggalane para wong kang wus dakpasrahake ing tanganmu, kang bisa oncat,
nyawane dadi gegentine wong iku.” 25 Sawuse
sesaji kurban obaran, Sang Prabu Yehu dhawuh marang para prajurit lan marang para opsir:

“Padha lumebua, wong iku padha patenana,
aja nganti ana siji bae kang bisa oncat!”
Wong mau tumuli padha dipateni kalawan
landheping pedhang, jisime kabuwang; para
prajurit lan para opsir banjur lumebu ing
gedhong kabuyutane Baal. [26] Sakehe brahala
kabuyutane Baal diwetokake, banjur kaobong.
[27] Tugu brahalane Baal dirubuhake, samono
uga omahe Baal, nuli didadekake kakus,
nganti tumeka ing dina iki. [28] Kaya mangkono
anggone Sang Prabu Yehu nyirnakake Baal
saka ing Israel. [29] Mung bae Sang Prabu Yehu
ora nebihi dosa-dosane Sang Prabu Yerobeam
bin Nebat, kang njalari wong Israel iya banjur
padha nglakoni dosa, yaiku dosa ndedewa
pedhet emas kang ana ing Betel lan ing Dhan.
[30] Pangeran Yehuwah nuli ngandika
marang Sang Prabu Yehu: “Ing sarehne
sira wus nglakoni panggawe becik, yaiku
nindakake apa kang bener ana ing ngarsaning
paningalingSun, lan wus nandukake
marang kulawargane Akhab trep karo kang
kakarsakake ing panggalihingSun, mulane
anak-anakira bakal nglungguhi dhamparing
Israel nganti patang turunan.” [31] Nanging
sugenge Sang Prabu Yehu ora lestari miturut
ing angger-anggering Sang Yehuwah,
Gusti Allahe Israel, kalawan gumolonging
panggalihe, ora nebihi dosa-dosane Sang
Prabu Yerobeam, kang njalari wong Israel uga
banjur padha nglakoni dosa.
[32] Ing nalika samana Pangeran Yehuwah
wiwit ngungkret wilayah Israel, awit padha

dikalahake dening Sang Prabu Hazael ana
ing satlatahe Israel kabeh [33] ing sawetane
bengawan Yarden, sawewengkone tanah
Gilead karebut kabeh, tanahe wong Gad,
wong Ruben lan wong Manasye, wiwit saka
ing Aroer ing sapinggire kali Arnon, iya tanah
Gilead, iya tanah Basan. [34] Anadene kekarene
riwayate Sang Prabu Yehu lan sakehe kang
ditindakake sarta sakehe kaprawirane, iku rak
wus katulisan ana ing buku sejarahe para ratu
ing Israel. [35] Sang Prabu Yehu nuli kaparingan
ngaso nunggil karo para leluhure, sarta banjur
kasarekake ana ing Samaria, dene Sang
Pangeran Yoahas, putrane, banjur jumeneng
ratu, nggenteni panjenengane. [36] Sang Prabu
Yehu iku anggone jumeneng ratu Israel ana
ing Samaria lawase wolulikur taun.

Sang Putri Atalya kasedanan lan Pangeran Yoas jumeneng ratu

11:1-20

2Bb 22:10--23:21

11 [1] Kacarita bareng Sang Putri Atalya,
ibune Sang Prabu Ahazia, mirsa,
manawa putrane wus seda, banjur tumandang
numpes sakehe turune Sang Prabu. [2] Nanging
Sang Putri Yoseba, putri putrane Sang
Prabu Yoram, sadhereke putri Sang Prabu
Ahazia, nuli mundhut Pangeran Yoas, putrane
Sang Prabu Ahazia, kakesahake saka ing
satengahe para putrane Sang Prabu kang
arep padha disedani iku, kalebetake ing

gedhong pasimpenan pasarean, bebarengan
karo inyane, sarta didhelikake saka ing
ngarsane Sang Putri Atalya, satemah ora katut
disedani. 3 Nem taun lawase anggone ndhelik
ana ing padalemaning Pangeran Yehuwah,
bebarengan karo wong wadon mau, ing
sajrone Sang Putri Atalya ngasta paprentahan
ing nagara. 4 Ing taun kang kaping pitune
Sang Yoyadha nglempakake para opsir
penatus, saka panunggalane wong Kari lan
saka wadya-bala panjaga. Iku padha ditimbali
marang ing ngarsane ana ing padalemaning
Sang Yehuwah, kaajak nganakake prajanjian
kalawan sumpah ana ing padalemaning Sang
Yehuwah, nuli padha dituduhi putrane Sang
Prabu. 5 Sawuse mangkono Sang Yoyadha
dhawuh marang para prajurit mau: "Iki kang
kudu koktindakake: panunggalanmu kang wus
rampung anggone nglakoni kuwajibane ing
dina Sabat ana ing kene, iku sapratelon padha
jagaa ana ing kraton, 6 sapratelon maneh
anaa ing gapura Sur, lan sapratelon anaa ing
gapura ing saburine wadya-bala panjaga.
Kang jaga ana ing kraton, kudu tetep ana
ing kono. 7 Dene panunggalanmu kang rong
golongan, yaiku sakehe wong kang kawajibane
ana ing kene ing dina Sabat lan jaga ana
ing padalemaning Pangeran Yehuwah, 8 iku
kawajiban njaga Sang Prabu ana ing saubenge
nganti temu gelang, kalawan nyekel gegaman,
lan sapa kang nyedhaki barisan, kudu dipateni.
Sabanjure manawa Sang Prabu miyos utawa
lumebet kudu didherekake."

9 Para opsir penatus iku padha tumindak
ngetrepi dhawuhe Imam Yoyadha. Siji-sijine
padha nggawa wonge, kang wus rampung
anggone nindakake kawajibane ing dina Sabat,
bebarengan karo wong kang padha lumebu
ing dina iku, banjur padha sowan marang
ing ngarsane Imam Yoyadha. 10 Sang Imam
tumuli maringi marang para opsir penatus mau
tumbak lan tameng kagungane Sang Prabu
Dawud kang kasimpen ana ing padalemaning
Pangeran Yehuwah. 11 Para prajurit mau
banjur padha mapan ana ing sakiwa tengene
padaleman kalawan sikep gegaman, lan ing
saubenge misbyah sarta padaleman, padha
rumeksa marang Sang Prabu. 12 Sawuse
mangkono Imam Yoyadha tumuli ngajak
miyos Sang Raja-Putra, kang banjur diagemi
makutha lan diaturi ngasta Kitab Toret.
Sang Raja-Putra kajumenengake ratu sarta
jinebadan, kalawan keplok-keplok wong-wong
tumuli padha alok-alok: "Sugenga Sang
Prabu!" 13 Bareng Sang Putri Atalya mireng
swaraning para prajurit panjaga lan rakyat,
banjur tindak menyang ing padalemaning
Sang Yehuwah, murugi rakyat mau. 14 Sang
Putri nuli mirsa Sang Prabu jumeneng ing
sacedhake saka kaya adate kang wus kelakon,
kaayap ing para panggedhe lan para kang
padha nggawa kalasangka. Rakyat ing
nagara padha abungah-bungah kabeh kambi
ngunekake kalasangka. Sang Putri Atalya
banjur nyuwek-nyuwek pangagemane kalawan
nguwuh: "Kiyanat, kiyanat!" 15 Nanging Imam

Yoyadha tumuli dhawuh marang para opsir
penatus, yaiku kang padha manggedheni
wadya-bala, pangandikane: “Putri iku gawanen
metu saka ing pabarisan! Sing sapa mbelani
iku, patenana kalawan pedhang!” Sabab
sadurunge Sang Imam wus ngandika: “Aja
disedani ana ing padalemaning Pangeran
Yehuwah!” [16] Sang Putri banjur dicepeng.
Nalika lumebet ing kedhaton, bareng tekan
ing dalan kang kanggo liwat jaran, Sang
Putri disedani ana ing kono. [17] Imam Yoyadha
tumuli damel prajanjian ing antarane Pangeran
Yehuwah kalawan Sang Prabu lan rakyat,
yaiku manawa kabeh padha dadi umate
Sang Yehuwah; uga antarane Sang Prabu lan
rakyat. [18] Sawuse mangkono rakyat ing nagara
padha lumebu menyang ing omah kabuyutane
Baal kabeh, kang banjur dibubrah. Misbyah-
misbyah lan reca-reca padha diremuki;
Matan, imame Baal dipateni ana ing ngarepe
misbyah-misbyah mau. Imam Yoyadha nuli
ngangkat wong kang padha rumeksa marang
padalemaning Sang Yehuwah. [19] Sawuse
mangkono panjenengane banjur ngajak para
opsir penatus, para wong Kari lan wadya-bala
panjaga sarta rakyat ing nagara kabeh, kaajak
ndherekake miyose Sang Prabu saka ing
Padalemaning Sang Yehuwah, tumuli padha
lumebu ing kedhaton ngliwati gapura kang
kanggo para prajurit. Sang Prabu nuli lenggah
ing dhamparing karajan. [20] Rakyat ing nagara
padha bungah-bungah kabeh, kutha ing kono
kaanane banjur tentrem, bareng Sang Putri

Atalya wus disedani kalawan pedhang ana ing kedhaton.

Sang Yoas ratu ing Yehuda

11:21--12:21

2Bb 24:1-27

21 Nalika jumeneng ratu iku Sang Prabu Yoas yuswa pitung taun.

12 1 Anggone jumeneng ratu ing taun kang kaping pitune jamane Sang Prabu Yehu, dene anggone ngasta paprentahan ana ing Yerusalem lawase patang puluh taun. Kang ibu asmane Zibya, saka ing Bersyeba.
2 Sang Prabu Yoas iku nglampahi apa kang bener ana ing paningaling Pangeran Yehuwah, ing salawase sugenge, sajrone kawulang dening Imam Yoyadha.
3 Nanging sanadyan mangkono, tengger-tengger pepundhen padha ora disingkirake. Rakyat isih saos kurban lan kekutug ing tengger-tengger kono.
4 Sang Prabu Yoas ngandika marang para imam: "Kabeh dhuwit kang digawa menyang ing padalemaning Sang Yehuwah minangka pisungsung suci, yaiku dhuwit kang lebune kanggo cacah jiwa, dhuwit tebusan jiwa manut tatanan katetepan kang wus tumindak kanggo saben wong, lan kabeh kang digawa lumebu ing padalemaning Sang Yehuwah, marga saka prentuling atine wong,
5 iku kareben ditampani dening para imam dhewe, siji-sijine saka ing pitepungane, lan iku dianggoa ndandani apa

kang rusak ing padaleman kono, ing ngendi
bae tinemu ana kang rusak.”
6 Nanging ing taun kang kaping telulikur ing
jamane Sang Prabu Yoas, para imam meksa
durung ndandani karusakaning padaleman.
7 Mulane Sang Prabu Yoas banjur nimbali
Imam Yoyadha lan para imam liyane, padha
dipangandikani mangkene: “Yagene sira kok
ora padha ndandani karusakaning padaleman?
Mulane saiki sira ora padha sunparengake
nampani dhuwit saka para pitepunganira
maneh, nanging iku sira pasrahna kanggo
ndandani karusakaning padaleman.” 8 Para
imam banjur padha nyandikani ora bakal
nampani dhuwit saka rakyat, nanging iya ora
usah ndandani karusakaning padaleman.
9 Imam Yoyadha nuli mundhut pethi, tutupe
kaparingan bolongan, banjur kadekek ing
sandhinging misbyah, ing sisih tengene
wong kang lumebu ing padalemaning Sang
Yehuwah. Para imam kang jaga lawang saben
nampani dhuwit saka wong kang lumebu
ing padalemaning Sang Yehuwah, tumuli
kalebokake ing pethi mau. 10 Manawa pethi
iku wus katon isi akeh, panitrane Sang Prabu
rawuh bareng karo imam agung, kabeh
dhuwit kang ana ing padalemaning Sang
Yehuwah kabuntelan lan kaetung. 11 Dhuwit
kang kehe wus ditemtokake kapasrahake
marang para tukang kang kapatah rumeksa
marang padalemaning Sang Yehuwah lan kang
banjur mbage-mbage dhuwit mau marang
para tukang kayu, marang tukang-tukang

bangunan kang nggarap padalemaning Sang
Yehuwah, [12] marang para tukang batu lan
para tukang natah watu. Dhuwit mau uga
kanggo tuku kayu lan watu kang bakal ditatahi
kanggo ing padalemaning Sang Yehuwah,
sabanjure dhuwit iku kawetokake kanggo
sakehing kapreluan gegayutan karo anggone
ndandani padaleman. [13] Nanging dhuwit
kang kaladekake marang padalemaning
Sang Yehuwah iku ora kanggo gawe bokor
selaka, lading, bokor panyiraman, kalasangka,
utawa sadhengaha piranti emas lan selaka
kang kanggo padalemaning Sang Yehuwah,
[14] nanging iku dipasrahake marang para
tukang kanggo ndandani padalemaning
Sang Yehuwah. [15] Sawuse mangkono
wong kang padha dipasrahi dhuwit supaya
diwenehake marang tukang-tukang iku, ora
dipundhuti petungan, amarga kabeh iku padha
nyambut gawe kalawan temen. [16] Nanging
dhuwit kurban dhendha lan dhuwit kurban
pangruwating dosa iku ora kaladekake marang
ing padalemaning Sang Yehuwah, kabeh iku
dadi pandumaning para imam.

[17] Nalika samana Sang Prabu Hazael, ratu
ing nagara Aram nglurug perang menyang
ing Gat, kang banjur kena karebat. Sang
Prabu Hazael tumuli kagungan karsa arep
nempuh Yerusalem, [18] nanging Sang Prabu
Yoas, ratu ing Yehuda, nuli mundhut sakehe
pisungsung suci kang wus kasucekake dening
para leluhure, yaiku Sang Prabu Yosafat, Sang
Prabu Yoram lan Sang Prabu Ahazia, para

ratu ing Yehuda, lan pisungsung-pisungsunge
piyambak kang suci, uga emas kang ana ing
gedhong pasimpenan ing padalemaning Sang
Yehuwah lan kang ana ing kraton, iku kabeh
dikintunake marang Sang Prabu Hazael, ratu
ing Aram, temah Sang Prabu Hazael ora sida
nglurug menyang ing Yerusalem.
19 Anadene kekarene riwayate Sang Prabu
Yoas lan kabeh kang katindakake, iku rak wus
katulisan ana ing buku sejarahe para ratu ing
Yehuda. 20 Para punggawane padha nganakake
sekuthon banjur nyedani Sang Prabu Yoas ana
ing dalem ing Milo, ing dalan kang mudhun
anjog ing Sila. 21 Yozakar, anake Simeat, lan
Yozabad anake Somer, iku para punggawane
kang nyedani panjenengane. Sang Prabu
banjur kasarekakake ana ing sandhinge para
leluhure ing kuthane Sang Prabu Dawud.
Pangeran Amazia, kang putra, nuli jumeneng
ratu nggentosi panjenengane.

Sang Prabu Yoahas ratu ing Israel

13:1-9

13 1 Ing taun kang kaping telulikure
jamane Sang Prabu Yoas, putrane Sang
Prabu Ahazia, ratu ing Yehuda, Pangaeran
Yoahas, putrane Sang Prabu Yehu, jumeneng
ratu ing Israel ana ing Samaria; anggone
ngasta paprentahan lawase pitulas taun.
2 Panjenengane nglampahi apa kang ala ana
ing paningale Pangeran Yehuwah lan sugenge
manut ing dosane Sang Prabu Yerobeam bin

Nebat, kang njalari wong Israel uga banjur
nindakake dosa, sarta ora nyimpang saka
iku. 3 Mulane Pangeran Yehuwah duka banget
marang Israel, tumuli padha kaulungake
marang ing astane Sang Prabu Hazael, ratu
ing nagara Aram, lan marang ing astane Sang
Prabu Benhadad, putrane Sang Prabu Hazael,
ing salawase jaman iku. 4 Nanging Sang Prabu
Yoahas nuli nyuwun sih-piwelase Pangeran
Yehuwah lan Sang Yehuwah iya banjur
karsa nyembadani, amarga wus nguningani
bangeting panindhese ratu ing Aram marang
wong Israel.-- 5 Pangeran Yehuwah maringi
juru pangluwaran marang wong Israel,
satemah padha bisa uwal saka ing tanganing
Aram lan bisa manggon ing tarube maneh
kaya kang uwis-uwis. 6 Mung bae ora padha
ngedohi dosa-dosane Sang Prabu Yerobeam,
kang njalari wong Israel iya banjur nindakake
dosa uga, nanging terus bae anggone urip
sajroning dosa kang mangkono iku. Reca
Asyera uga isih tetep ana ing Samaria. --
7 Awit ora ana wadya-bala kang dikarekake
marang Sang Prabu Yoahas, kejaba prajurit
jaranan seket, kang nunggang kreta sepuluh
lan bala dharatan sepuluh ewu, amarga wus
padha kasirnakake dening ratu ing Aram
kayadene ndamoni bleduging panuton.

8 Anadene kekarene riwayate Sang Prabu
Yoahas lan sakehing pandamele sarta
kaprawirane, kabeh iku rak wus katulisan ana
ing buku sejarahe para ratu ing Israel. 9 Sang
Prabu Yoahas nuli kepareng ngaso nunggil

karo para leluhure lan disarekake ana ing Samaria. Pangeran Yoas, kang putra, tumuli jumeneng ratu nggentosi panjenengane.

Sang Prabu Yoas, ratu ing Israel

13:10-13

10 Ing taun kang kaping telung puluh pitune jamane Sang Prabu Yoas, ratu ing Yehuda, Pangeran Yoas putrane Sang Prabub Yoahas, jumeneng ratu ing Israel ana ing Samaria. Anggone ngasta paprentahan lawase nembelas
taun. 11 Panjenengane nglampahi apa kang ala ana ing paningaling Sang Yehuwah, ora nebihi sakehing dosa kang katindakake wong Israel marga saka dhawuhe Sang Prabu Yerobeam bin Nebat, nanging terus bae anggone nglakoni dosa kang mangkono iku.
12 Anadene kekarene riwayate Sang Prabu Yoas lan sakehing pandamele sarta kaprawirane, anggone perang nglawan Sang Prabu Amazia, ratu ing Yehuda, iku rak wus katulisan kabeh ana ing buku sejarahe para
ratu ing Israel. 13 Sawuse Sang Prabu Yoas kaparingan ngaso bareng karo para leluhure, Pangeran Yerobeam banjur lenggah ing dhamparing kang rama. Dene Sang Prabu Yoas kasarekake ana ing Samaria ing sandhinge para ratu ing Israel.

Kadadean nalika ngarepake sedane Nabi Elisa lan kaelokan ing pasareane

13:14-21

14 Nalika Nabi Elisa nandhang gerah kang
njalari ing sedane, Sang Prabu Yoas, ratu ing
Israel, rawuh martuwi lan banjur muwun ana
ing ngarsane, pangandikane: "Dhuh rama
kula, rama kula! Kretanipun Israel tuwin
balanipun kekapalan!" 15 Nabi Elisa matur
marang panjenengane: "Panjenengan dalem
karsaa mundhut gandhewa tuwin jemparing."
Iya banjur kacaosan gandhewa lan jemparing.
16 Ature marang ratu ing Israel: "Kawula
aturi menthang gendhewa dalem!" Sang
Prabu banjur menthang gendhewane, nanging
Nabi Elisa numpangake astane ing astane
Sang Prabu kambi matur: 17 "Cendhela ing
sisih wetan punika kawengakna!" Lan nalika
kawengakake, Nabi Elisa matur: "Kawula aturi
njemparing!" Banjur dijemparing. Nabi Elisa
matur: "Punika jemparinging kaunggulan
paringipun Pangeran Yehuwah, jemparinging
kaunggulan nglawan Aram. Panjenengan
dalem badhe ngawonaken Aram wonten
ing Afek, ngantos tumpes tapis." 18 Sawuse
mangkono tumuli matur: "Kawula aturi
mundhut jemparing punika!" Iya banjur
dipundhut. Bareng wus dipundhut, Nabi Elisa
matur marang ratu ing Israel: "Sumangga
kagebagna ing siti!" Nuli kagebagake ing
lemah kaping telu, banjur kendel. 19 Abdining

Allah duka marang Sang Prabu, ature:
“Kedahipun panjenengan dalem nggebag
kaping gangsal utawi kaping enem. Menawi
mekaten panjenengan dalem badhe nggecak
Aram ngantos tumpes tapis. Nanging sapunika,
namung kaping tiga anggen panjenengan
dalem badhe ngawonaken Aram.”
20 Sawuse mangkono Nabi Elisa nuli seda,
lan banjur kasarekake. Anadene ing saben
pletheking taun kerep ana grombolan wong
Moab kang lumebu ing nagara. 21 Nalika ing
sawijining dina wong lagi padha ngubur layon,
ana grombolan teka; bareng wong-wong
weruh grombolan iku, layone nuli kauncalake
menyang ing pasareane Nabi Elisa, banjur
padha lunga. Kocapa, bareng layon mau
nggepok balung-balunge Nabi Elisa, banjur
urip maneh lan ngadeg.

Sang Prabu Yoas nglawan Aram lan unggul

13:22-25

22 Kacarita Sang Prabu Hazael, ratu ing
nagara Aram, anggone nindhes wong Israel
iku ing sajege sugenge Sang Prabu Yoahas.
23 Nanging Pangeran Yehuwah welas lan
ngeman marang Israel, mulane banjur karsa
ngudaneni, marga saka ngengeti prasetyane
marang Rama Abraham, Rama Iskak lan Rama
Yakub, ora karsa ndadosake tumpese lan
durung karsa mbucal ing wektu iku saka ing
ngarsane. 24 Bareng Sang Prabu Hazael, ratu

ing Aram, seda, tumuli Pangeran Benhadad,
kang putra, jumeneng ratu nggentosi
panjenengane. [25] Kutha-kutha kang karebat
dening Sang Prabu Benhadad saka ing astane
Sang Prabu Yoahas, ramane Sang Prabu Yoas,
karebat maneh dening Sang Prabu Yoas,
putrane Sang Prabu Yoahas, saka ing astane
Sang Prabu Benhadad. Kaping telu anggone
Sang Prabu Yoas ngawonake panjenengane
lan mangsulake kutha-kutha Israel.

Sang Prabu Amazia, ratu ing Yehuda

14:1-22

2Bb 25:1--26:2

14 [1] Ing taun kang kapindhone jamane
Sang Prabu Yoas putrane Sang Prabu
Yoahas, ratu ing Israel, Pangeran Amazia,
putrane Sang Prabu Yoas, ratu ing Yehuda,
jumeneng ratu. [2] Nalika jumeneng ratu iku
yuswane selawe taun, dene anggone ngasta
paprentahan ana ing Yerusalem sangalikur
taun. Kang ibu asma Yoadan, saka ing
Yerusalem. [3] Panjenengane nglampahi apa
kang bener ana ing paningaling Pangeran
Yehuwah, mung bae iya ora kaya Sang
Prabu Dawud, leluhure. Kang ditindakake
trep kaya kang dilampahi dening Sang
Prabu Yoas, ramane. [4] Sanadyan mangkono,
tengger-tengger pangurbanan ora didohake.
Rakyat isih sesaji lan ngobong kurban ana ing
tengger-tengger mau. [5] Bareng wus kekah
anggone ngasta keprabon, para punggawa

kang nyedani Sang Prabu, ramane, enggal
padha dipateni. 6 Nanging anak-anake para
kang mateni mau ora diukum pati, iku ngetrepi
kang katulis ing kitab Torete Nabi Musa, kang
mratelakake dhawuhe Pangeran Yehuwah
mangkene: "Aja ana bapa kang diukum pati
marga saka anake, lan iya aja ana anak kang
diukum pati marga saka bapakne, nanging
saben wong anggone diukum pati iku marga
saka dosane dhewe."
7 Sang Prabu Amazia ngawonake Edom ana
ing Lembah Asin, wong sepuluh ewu, lan ing
sajrone perang iku ngalahake kutha Sela,
kang banjur dijenengake Yokteel, mangkono
nganti tumeka ing dina iki.
8 Nalika samana Sang Prabu Amazia banjur
utusan marang Sang Prabu Yoas putrane
Sang Prabu Yoahas, wayahe Sang Prabu
Yehu, ratu ing Israel kadhawuhan ngaturake
pangandikane mangkene: "Sumangga sami
ngaben kekiyatan!" 9 Nanging Sang Prabu
Yoas, ratu ing Israel, nuli utusan wong
marang Sang Prabu Amazia, ratu ing Yehuda,
kadhawuhan ngaturake paring wangsulane,
mangkene: "Rumput eri ing redi Libanon
kengkenan manggihi wit eres ing redi Libanon
kaliyan aturipun: Putra panjenengan estri
kaparingna dhateng anak kula jaler dadosa
semahipun. Nanging kewan-kewan wana ing
pareden Libanon sami langkung ngriku, lajeng
sami ngidak-idak rumput eri punika. 10 Pancen
panjenengan sampun ngawonaken Edom,
mila lajeng gumunggung. Bok inggih sampun

cekap kagem panjenengan, angsal kaluhuran
samanten punika, sarta kula aturi wonten
ing dalem kemawon. Punapa ta prelunipun
panjenengan kok nantang dhateng bilai,
satemah panjenengan lajeng dhawah dalah
Yehuda pisan sareng kaliyan panjenengan?”
11 Nanging Sang Prabu Amazia ora karsa
ndhahar pangandika iku, mulane Sang
Prabu Yoas, ratu ing Israel banjur majeng
perang ngaben kekiyatan, panjenengane lan
Sang Prabu Amazia, ratu ing Yehuda ana
ing Bet-Semes, ing wewengkone Yehuda.
12 Yehuda kagepuk dening Israel, banjur
kalah, temah padha lumayu menyang ing
tarube dhewe-dhewe. 13 Sang Prabu Amazia
ratu ing Yehuda, putrane Sang Prabu Yoas,
wayahe Sang Prabu Ahazia, kecepeng dening
Sang Prabu Yoas, ratu ing Israel ana ing
Bet-Semes. Sang Prabu Yoas nuli lumebet
ing kutha Yerusalem, balowartine Yerusalem
kagempur wiwit ing Gapura Efraim nganti
tekan ing Gapura Pojok, dawane patang
atus asta. 14 Sawuse mangkono Sang Prabu
nuli mundhuti emas lan selaka lan sakehe
prabot kang tinemu ana ing padalemaning
Sang Yehuwah lan kang ana ing gedhong
pasimpenaning kraton, mangkono uga
wong-wong kang kanggo cekelan, tumuli
kondur menyang Samaria.

15 Anadene kekarene riwayate Sang Prabu
Yoas, apa kang katindakake lan kaprawirane
lan anggone perang nglawan Sang Prabu
Amazia, ratu ing Yehuda, iku rak wus

katulisan kabeh ana ing buku sejarahe para
ratu ing Israel. 16 Sang Prabu Yoas banjur
kepareng ngaso nunggil karo para leluhure
lan kasarekake ana ing Samaria, nunggil karo
para ratu ing Israel, dene Pangeran Yerobeam,
kang putra, nuli jumeneng ratu nggentosi
panjenengane. 17 Sang Prabu Amazia, putrane
Sang Prabu Yoas, ratu ing Yehuda, isih sugeng
limalas taun sawuse Sang Prabu Yoas putrane
Sang Prabu Yoahas, ratu ing Israel, seda.

18 Anadene kekarene riwayate Sang Prabu
Amazia, iku rak wus katulisan ana ing
buku sejarahe para ratu ing Yehuda. 19 Ing
Yerusalem ana wong kang padha nganakake
sekuthon nglawan panjenengane, mulane
Sang Prabu lolos menyang ing Lakhis, nanging
wong-wong mau iya banjur kongkonan
ngoyak menyang ing Lakhis. Sang Prabu nuli
disedani ana ing kono, 20 banjur katitihake
ing jaran lan kasarekake ana ing Yerusalem
nunggil karo para leluhure ana ing kuthane
Sang Prabu Dawud. 21 Rakyat ing Yehuda
kabeh tumuli padha ngaturi rawuh Pangeran
Azarya, kang lagi yuswa nembelas taun,
kajumenengake ratu, nggentosi kang rama,
Sang Prabu Amazia. 22 Sang Prabu banjur
nyantosani kutha Elat lan dibalekake marang
ing wewengkone Yehuda, yaiku sawuse Sang
Prabu kepareng ngaso nunggil karo para
leluhure.

Sang Prabu Yerobeam putrane Sang Prabu Yoas ratu ing Israel

14:23-29

23 Ing taun kang kaping limalase jamane
Sang Prabu Amazia putrane Sang Prabu
Yoas, ratu ing Yehuda, Pangeran Yerobeam,
putrane Sang Prabu Yoas, ratu ing Israel,
jumeneng ratu ana ing Samaria. Anggone
ngasta paprentahan lawase patang puluh siji
taun. 24 Sang Prabu nindakake apa kang ala
ana ing paningaling Sang Yehuwah, ora nebihi
sakehing dosane Sang Prabu Yerobeam, kang
njalari wong Israel uga banjur nglakoni dosa.
25 Panjenengane mangsulake wilayah Israel,
wiwit dalan kang lumebu menyang Hamat,
nganti tekan ing sagara Araba, cundhuk
karo pangandikane Pangeran Yehuwah, Gusti
Allahe Israel, kang wus kaparingake lumantar
Nabi Yunus bin Amitai saka ing Gat-Hefer.
26 Sabab Sang Yehuwah wus nguningani
bangeting sangsarane wong Israel iku: wong
kang dhuwur lan kang asor kalungguhane
wus padha sirna, lan ora ana kang mitulungi
Israel. 27 Nanging Pangeran Yehuwah ora
ngandika manawa bakal ngilangi jeneng Israel
saka ing sangisoring langit, mulane banjur
paring pitulungan lan lumantar Sang Prabu
Yerobeam, putrane Sang Prabu Yoas.
28 Anadene kekarene riwayate Sang Prabu
Yerobeam lan sakehe pandamele sarta
kaprawirane, anggone andhon perang,

apadene anggone mangsulake Damsyik lan
Hamat-Yehuda marang ing wewengkon Israel,
iku kabeh rak wus katulisan ana ing buku
sejarahe para ratu ing Israel. 29 Sang Prabu
Yerobeam tumuli kepareng ngaso nunggil karo
para leluhure, para ratu ing Israel. Pangeran
Zakharia, kang putra, banjur jumeneng ratu,
nggentosi panjenengane.

Sang Prabu Azarya, ratu ing Yehuda

15:1-7

2Bb 26:3-5, 16-23

15 1 Ing taun kang kaping pitulikure
jamane Sang Prabu Yerobeam, ratu ing
Israel, Pangeran Azarya, putrane Sang Prabu
Amazia, ratu ing Yehuda, jumeneng ratu.
2 Nalika jumeneng ratu iku yuswane nembelas
taun, dene anggone ngasta paprentahan ana
ing Yerusalem lawase seket loro taun. Asmane
kang ibu Yekholya saka ing Yerusalem. 3 Sang
Prabu nglampahi apa kang bener ana ing
paningaling Sang Yehuwah, ngetrepi apa
kang katindakake dening Sang Prabu Amazia,
kang rama. 4 Nanging sanadyan mangkono,
tengger-tengger pangurbanan ora didohake.
Rakyat isih sesaji lan ngobong kurban ana
ing tengger-tengger kono. 5 Mulane Pangeran
Yehuwah banjur nggebag Sang Prabu, temah
dadi gerah saraat nganti tumeka ing sedane,
lan manggen ing dalem pasetran. Anadene
Pangeran Yotam, kang putra, mangagengi

kraton lan nindakake paprentahan tumrap
rakyat ing nagara kono.
6 Anadene kekarene riwayate Sang Prabu
Azarya lan sakehe pandamele, iku rak wus
katulisan kabeh ana ing buku sejarahe para
ratu ing Yehuda. 7 Sang Prabu Azarya nuli
kepareng ngaso nunggil karo para leluhure lan
banjur kasarekakake ing sandhinge para leluhure
ana ing kuthane Sang Prabu Dawud, dene
Pangeran Yotam, kang putra, tumuli jumeneng
ratu, nggentosi panjenengane.

Sang Prabu Zakharia ratu ing Israel

15:8-12

8 Ing taun kang kaping telung puluh wolune
jamane Sang Prabu Azarya, ratu ing Yehuda,
Pangeran Zakharia, putrane Sang Prabu
Yerobeam, jumeneng ratu ing Israel ana
ing Samaria. Anggone ngasta paprentahan
suwene nem sasi. 9 Sang Prabu nindakake
apa kang ala ana ing paningaling Pangeran
Yehuwah kaya kang dilampahi dening para
leluhure, ora nebihi dosa-dosane Sang Prabu
Yerobeam bin Nebat, kang njalari wong Israel
uga banjur nglakoni dosa. 10 Sang Salum bin
Yabesy tumuli nganakake sekuthon nglawan
panjenengane, Sang Prabu disedani ana ing
kutha Yibleam, lan Sang Salum nuli jumeneng
ratu nggentosi panjenengane.
11 Anadene kekarene riwayate Sang Prabu
Zakharia, lah iku rak wus katulisan kabeh ana
ing buku sejarahe para ratu ing Israel. 12 Rak

mangkene pangandikaning Pangeran Yehuwah kang kaparingake marang Sang Prabu Yehu: “Anak-anakira bakal nglungguhi dhamparing Israel nganti turun kang kaping papat!” Lan iya banjur kelakon mangkono.

Sang Prabu Salum, ratu ing Israel

15:13-16

13 Sang Prabu Salum bin Yabesy iku anggone
jumeneng ratu ing taun kang kaping telung
puluh sangane jamane Sang Prabu Uzia,
ratu ing Yehuda; anadene anggone ngasta
paprentahan ana ing Samaria suwene sesasi.
14 Sawuse mangkono Sang Menahem bin Gadi
saka ing kutha Tirza, nglurugi perang nganti
tekan ing Samaria. Sang Menahem nyedani
Prabu Salum bin Yabesy ana ing Samaria nuli
jumeneng ratu nggentosi panjenengane.
15 Anadene kekarene riwayate Sang Prabu
Salum lan anggone nganakake sekuthon, lah
iku kabeh wus katulisan ana ing buku sejarahe
para ratu ing Israel. 16 Ing nalika iku wiwit
saka ing kutha Tirza, Sang Prabu Menahem
nyirnakake Tifsakh lan sakehe wong kang ana
ing kono dalah wilayahe pisan, amarga wong
ora padha gelem ngwengakake lawanging
kutha. Mulane kutha iku banjur kasirnakake,
sarta sakehe wong wadon kang ngandheg
padha dibedheli.

Sang Prabu Menahem, ratu ing Israel

15:17-22

17 Ing taun kang kaping telung puluh sangane
jamane Sang Prabu Azarya, ratu ing Yehuda,
Sang Menahem bin Gadi madeg dadi ratu
ana ing Israel. Anggone ngasta paprentahan
lawase sepuluh taun ana ing Samaria.
18 Sang Prabu nindakake apa kang ala ana
ing paningaling Sang Yehuwah. Ing sajege
sugenge ora nebihi dosa-dosane Sang Prabu
Yerobeam bin Nebat, kang njalari wong Israel
iya banjur nglakoni dosa uga. 19 Sang Prabu
Pul, ratu ing Asyur, rawuh lan nempuh nagara
kono; Sang Prabu Menahem nuli nyaosi selaka
sewu talenta marang Sang Prabu Pul, supaya
karsaa mbiyantu nyantosakake karajane ana
ing astane. 20 Sang Prabu anggone ngedalake
dhuwit iki kanthi kabubuhake marang Israel
lan marang sakehe wong kang sugih brewu,
supaya kenaa diaturake marang Sang Raja
ing Asyur: Saben wong siji kapundhutan
selaka seket sekel. Sang Raja ing Asyur banjur
kondur, ora tetep ana ing nagara kono.
21 Anadene kekarene riwayate Sang Prabu
Menahem lan sakehe pandamele, iku rak wus
katulisan kabeh ana ing buku sejarahe para
ratu ing Israel. 22 Sang Prabu Menahem nuli
kepareng ngaso nunggil karo para leluhure,
dene Pangeran Pekahya, kang putra, banjur
jumeneng raja, nggentosi panjenengane.

Sang Prabu Pekahya, ratu ing Israel

15:23-26

23 Ing taun kang kaping sekete jamane Sang
Prabu Azarya, ratu ing Yehuda, Pangeran
Pekahya, putrane Sang Prabu Menahem,
jumeneng ratu ing Israel ana ing Samaria,
dene anggone ngasta paprentahan suwene
rong taun. 24 Panjenengane nglampahi apa
kang ala ana ing paningaling Sang Yehuwah,
ora nyingkiri dosa-dosane Sang Prabu
Yerobeam bin Nebat, kang njalari wong Israel
iya banjur nindakake dosa uga. 25 Sawijining
opsire, Sang Pekah bin Remalya, nganakake
sekuthon nglawan panjenengane, Sang Prabu
disedani ana ing Samaria ana ing kraton.
Anadene kang ngguyubi yaiku Argob lan Arye
sarta wong seket panunggalane bani Gilead.
Sang Prabu Pekahya disedani lan sawuse
mangkono Sang Pekah nuli madeg dadi ratu
nggentosi panjenengane.
26 Anadene kekarene riwayate Sang Prabu
Pekahya lan sakehe pandamele, lah iku kabeh
wus katulisan ana ing buku sejarahe para ratu
ing Israel.

Sang Prabu Pekah, ratu ing Israel

15:27-31

27 Ing taun kang kaping seket lorone jamane
Sang Prabu Azarya, ratu ing Yehuda, Sang
Pekah bin Remalya dadi ratu ing Israel ana ing

Samaria. Anggone ngasta paprentahan lawase
rong puluh taun. 28 Panjenengane nglampahi
apa kang ala ana ing paningaling Sang
Yehuwah, ora nyingkiri dosa-dosane Sang
Prabu Yerobeam bin Nebat, kang njalari wong
Israel iya banjur nindakake dosa uga. 29 Ing
jamane Sang Prabu Pekah, ratu ing Israel,
Sang Prabu Tiglat Pileser, ratu ing Asyur rawuh
lan banjur ngejegi Iyon, Abel-Bet-Maakha,
Yanoah, Kedesy lan Hazor, Gilead lan Galilea,
tanah Naftali kabeh, sarta pendhudhuke nuli
diboyongi kabeh menyang ing Asyur, dadi
wong buwangan.

30 Sang Hosea bin Ela nganakake sekuthon
nglawan Sang Prabu Pekah bin Remalya, Sang
Prabu disedani lan sawuse mangkono Sang
Hosea nuli dadi ratu nggentosi panjenengane,
yaiku ing taun kang kaping rong puluhe
jamane Sang Prabu Yotam putrane Sang Prabu
Uzia.

31 Anadene kekarene riwayate Sang Prabu
Pekah lan sakehe pandamele, lah iku kabeh
wus katulisan ing buku sejarahe para ratu ing
Israel.

Sang Prabu Yotam, ratu ing Yehuda

15:32-38

2Bb 27:1-9

32 Ing taun kang kaping pindhone jamane
Sang Prabu Pekah bin Remalya, ratu ing
Israel, Pangeran Yotam, putrane Sang Prabu
Uzia, ratu ing Yehuda, jumeneng ratu.

33 Nalika jumeneng iku yuswane selawe taun,
dene anggone ngasta paprentahan ana ing
Yerusalem lawase nembelas taun. Kang ibu
asmane Yerusa, putra putrine Sang Zadok.
34 Panjenengane nglampahi apa kang bener
ana ing paningaling Pangeran Yehuwah, plek
apa kang ditindakake dening Sang Prabu Uzia,
kang ramane. 35 Nanging sanadyan mangkono,
tengger-tengger pangurbanan ora didohake.
Rakyat isih sesaji lan ngobong kurban ana
ing tengger-tengger kono. Sang Prabu yasa
Gapura Luhur ana ing padalemaning Sang
Yehuwah.
36 Anadene kekarene riwayate Sang Prabu
Yotam, apa kang katindakake, iku kabeh rak
wus katulisan ana ing buku sejarahe para ratu
ing Yehuda. 37 Wiwit jaman samana Pangeran
Yehuwah ndadekake Sang Prabu Rezin ratu
ing Aram lan Sang Prabu Pekah bin Remalya
padha merangi Yehuda. 38 Sang Prabu Yotam
nuli kepareng ngaso nunggil karo para leluhure
lan kasarekake sandhing para leluhure ana ing
kuthane Sang Prabu Dawud, leluhure. Dene
Pangeran Akhas, kang putra, banjur jumeneng
ratu nggentosi panjenengane.

Sang Prabu Akhas, raja ing Yehuda

16:1-20

2Bb 28:1-27

16 1 Ing taun kang kaping pitulase jamane
Sang Prabu Pekah bin Remalya,
Pangeran Akhas putrane Sang Prabu Yotam,

ratu ing Yehuda, jumeneng ratu. 2 Nalika
jumeneng iku Sang Prabu Akhas yuswa rong
puluh taun, dene anggone ngasta paprentahan
ana ing Yerusalem lawase nembelas taun.
Panjenengane ora nglampahi apa kang
bener ana ing paningaling Sang Yehuwah,
Gusti Allahe, kayadene Sang Prabu Dawud,
leluhure, 3 nanging sugenge niru pandamele
para ratu ing Israel, panjenengane malah
misungsungake putrane kadadekake kurban
ing geni, kayadene panggawe nistha kang
katindakake dening para bangsa kang wus
kasingkirake dening Pangeran Yehuwah saka
ing ngarepe wong Israel. 4 Panjenengane sesaji
lan mbesmi kurban ana ing tengger-tengger
pangurbanan lan ing panggonan-panggonan
kang dhuwur sarta ana ing sangisore saben
wit-witan kang ngrembuyung.
5 Ing nalika samana Sang Prabu Rezin, ratu
ing Aram, lan Sang Prabu Pekah bin Remalya,
ratu ing Israel, padha nglurug perang merangi
Yerusalem, banjur ngepang Sang Prabu Akhas,
nanging ora bisa nelukake panjenengane. 6 Ing
nalika iku Sang Prabu Rezin, ratu ing Aram,
mangsulake Elat marang Edom, wong-wong
Yehuda banjur padha ditundhungi saka ing
Elat. Wong Edom nuli padha menyang Elat lan
padha manggon ana ing kono nganti saprene.
7 Sang Prabu Akhas tumuli ngintunake utusan
marang ing ngarsane Sang Prabu Tiglat-Pileser,
ratu ing Asyur, kadhawuhan ngunjukake
ature mangkene: "Kula punika ingkang abdi
lan ingkang putra, mila mugi karsaa rawuh

ngluwari kula saking ing astanipun ratu ing
Aram saha saking ing astanipun ratu ing
Israel, ingkang sami merangi kula.” 8 Sang
Prabu Akhas banjur mundhuti selaka lan emas
kang ana ing padalemaning Sang Yehuwah lan
kang ana ing gedhong pasimpenaning kraton
sarta kacaosake marang Sang Prabu ing Asyur
minangka pisungsung. 9 Sang Prabu ing Asyur
iya karsa mirengake panyuwune lan banjur
nglurug menyang ing Damsyik; Damsyik
diejegi, para pendhudhuke padha diboyongi
menyang ing Kir, dadi tawanan, dene Sang
Prabu Rezin disedani.
10 Sawuse mangkono Sang Prabu Akhas
tindak manggihi Sang Prabu Tiglat-Pileser,
ratu ing Asyur, menyang ing Damsyik. Bareng
Sang Prabu Akhas mirsa misbyah kang ana ing
Damsyik, tumuli ngintuni marang Imam Uria
ukuran lan gambar wewujudane misbyah mau,
plek manut panggawene. 11 Imam Uria iya
yasa misbyah kang mangkono iku, ngepleki
katrangan kang dikintunake Sang Prabu
Akhas saka ing Damsyik. Kaya mangkono
Imam Uria anggone gawe nalika ngarepake
rawuhe Sang Prabu Akhas saka ing Damsyik.
12 Bareng Sang Prabu wus kondur saka ing
Damsyik, banjur mirsani misbyah mau:
Sang Prabu nuli nyelaki misbyah iku, banjur
minggah, 13 mbesmi kurban obaran lan kurban
dhaharan, ngesokake kurbane unjuk-unjukan
ing misbyah kono, sarta nyirami getih kurban
keslametan ana ing misbyah iku. 14 Nanging
Sang Prabu banjur dhawuh supaya misbyah

tembaga kang ana ing ngarsane Pangeran
Yehuwah kasingkirake saka ing ngarepe
padalemaning Sang Yehuwah, saka ing
antarane misbyah anyar lan padaleman mau,
lan supaya kadekekna ing salore misbyah
anyar. 15 Sang Prabu Akhas tumuli dhawuh
marang Imam Uria: "Kurbane obaran esuk
lan kurbane dhaharan sore obongen ana
ing misbyah gedhe iku, uga kurban obaran
lan kurbane dhaharan ratu, sarta kurbane
obaran, kurbane dhaharan lan kurban-kurbane
unjuk-unjukan rakyat sanagara kabeh;
apa maneh kabeh getih kurban obaran lan
kabeh getih kurban sembelehan iku sokna
ana ing kono. Nanging misbyah tembaga
iku urusaningsun." 16 Imam Uria iya banjur
nindakake apa sadhawuhe Sang Prabu
Akhas. 17 Sawuse mangkono Sang Prabu
Akhas nuli dhawuh netheli blabage tutuping
kreta panuwak lan nyingkirake jembangane
pasucen saka ing sadhuwure, uga kulahane
diundhunake saka ing pepethan sapi tembaga
kang nyangga, banjur katumpangake ing watu
plesteran. 18 Sabanjure, demi Sang Prabu ing
Asyur, pendhapa tutupan kanggo ing dina
Sabat, kang wus kaadegake ing padalemaning
Sang Yehuwah lan uga lawang lumebu kagem
Sang Prabu kang ana ing sisih jaba, iku padha
disingkirake.
19 Anadene kekarene riwayate Sang Prabu
Akhas lan apa kang katindakake, iku kabeh
rak wus katulisan ana ing buku sejarahe para
ratu ing Yehuda. 20 Sang Prabu Akhas nuli

kepareng ngaso nunggil para leluhure lan
disarekake sandhing para leluhure ana ing
kuthane Sang Prabu Dawud, dene Pangeran
Hizkia, kang putra, banjur jumeneng ratu
nggentosi panjenengane.

Sang Prabu Hosea, ratu ing Israel

17:1-6

17 [1] Ing taun kang kaping rolase jamane
Sang Prabu Akhas, ratu ing Yehuda,
Sang Hosea putrane Sang Ela, jumeneng ratu
ing Israel ana ing Samaria, dene anggone
ngasta paprentahan lawase sangang taun.
[2] Sang Prabu nindakake apa kang ala ana
ing paningaling Sang Yehuwah, nanging ora
kaya ratu-ratu ing Israel kang ngrumiyini
panjenengane. [3] Sang Prabu Salmaneser, ratu
ing Asyur, nglurugi perang panjenengane,
Sang Prabu Hosea teluk marang panjenengane
lan ngaturake bulubekti. [4] Nanging Sang
Nata ing Asyur banjur ngonangi anggone
Sang Prabu nganakake sekuthon, amarga
Sang Prabu Hosea wus ngintunake utusan
marang Sang Prabu So, ratu ing Mesir lan
ora nyaosi bulubekti maneh marang Sang
Nata ing Asyur, kaya adate saben taun.
Mulane Sang Nata tumuli dhawuh nyepeng
panjenengane, banjur kabanda lan kalebetake
ing pakunjaran. [5] Sawuse mangkono Sang
Nata ing Asyur nuli tindak ndlajahi nagara
kono kabeh, Samaria ditempuh lan dikepung
nganti telung taun lawase. [6] Ing taun kang

kaping sangane jamane Sang Prabu Hosea, Sang Nata ing Asyur ngejegi Samaria. Wong Israel padha diboyongi menyang ing Asyur, menyang ing pambuwangan, padha didhawuhi manggon ana ing Halah, ing pinggiring kali Habor, yaiku kaline nagara Gozan, lan ana ing kutha-kuthane wong Madhai.

Karajan Israel ambruk

17:7-23

7 Kelakone iku mau marga wong Israel wus
padha gawe dosa marang Pangeran Yehuwah,
Gusti Allahe, kang wus nuntun saka ing tanah
Mesir, kaluwaran saka ing pangwaose Sang
Prabu Pringon, ratu ing Mesir, lan marga saka
anggone wus padha nyembah marang allah
liyane, 8 marga lakune manut adat-tatacarane
para bangsa kang wus padha kasingkirake
dening Sang Yehuwah saka ing ngarepe
wong Israel, sarta marga saka anggone
padha manut ing pranataning para ratu ing
Israel. 9 Sabanjure wong Israel wus padha
nglakoni bab-bab kang ora pantes tumrap
Pangeran Yehuwah, Gusti Allahe. Padha
ngedegake tengger-tengger pangurbanan ana
ngendi bae pamanggone, ana ing sacedhake
panggung pajagan lan ana ing kutha-beteng;
10 padha ngedegake tugu-tugu brahala lan
saka-saka brahala ana ing saben tengger
kang dhuwur lan ana ing sangisoring wit-witan
kang ngrembuyung, 11 ana ing kono ana
ing sakehing tengger iku padha ngobong

kurban kayadene bangsa-bangsa kang wus
padha katawan kabucal dening Sang Yehuwah
saka ing ngarepe. Padha nglakoni panggawe
ala, satemah njalari gerahe panggalihe
Pangeran Yehuwah; padha nyembah brahala,
12 sanadyan Pangeran Yehuwah wus ngandika:
"Sira aja padha nglakoni mangkono!" 13 Sang
Yehuwah wus ngengetake wong Israel lan
wong Yehuda lumantar sakehing nabi lan
sakehe wong sidik: "Sira padha balia saka ing
dalan-dalanira kang ala iku lan lestaria padha
nindakake dhawuh lan pranataningSun, laras
kalawan sakehing angger-angger kang wus
Sunparingake marang para leluhurira kang
wus Sunparingake lumantar para abdiningSun,
para nabi." 14 Nanging padha ora gelem
ngrungokake, malah banjur padha ngakokake
githoke kaya dene para leluhure kang padha
ora pracaya marang Pangeran Yehuwah,
Gusti Allahe. 15 Padha nampik pranatane lan
prajanjiane, kang wus dianakake kalawan para
leluhure, uga ora maelu marang pepengeting
Sang Yehuwah kang wus ngengetake marang
dhawuh-dhawuhe, padha ngetut-buri dewa
kang tanpa guna, dadine padha niru para
bangsa ing saubenge, sanadyan Pangeran
Yehuwah wus dhawuh: Aja padha tumindak
kaya bangsa-bangsa iku. 16 Kabeh wus padha
ninggal sakehing dhawuhe Sang Yehuwah,
Gusti Allahe lan wus padha gawe pedhet
cithakan; uga wus padha gawe reca Asyera,
padha sujud nyembah marang sakehe wadya-
bala ing langit lan nindakake pangibadah

marang Baal. [17] Wuwuh-wuwuh banjur padha
misungsungake anak-anake kanggo kurban
ing geni lan padha nindakake patenungan,
sarta petungan apadene padha gawe asoring
awake kalawan nglakoni apa kang ala ana
ing paningaling Sang Yehuwah, satemah
ndadekake gerahing panggalihe Pangeran
Yehuwah. [18] Mulane Pangeran Yehuwah duka
banget marang Israel, kaedohake saka ing
ngarsane; ora ana kang kari kejaba mung
suku Yehuda. -- [19] Uga Yehuda ora nggondheli
marang dhedhawuhaning Sang Yehuwah,
Gusti Allahe, nanging padha lumaku manut ing
pranatan gaweane Israel, [20] dadine Pangeran
Yehuwah banjur nampik marang sakehe
turune Rama Israel: padha katindhes lan
diulungake marang ing tanganing para tukang
njarah-rayah, padha kabucal dening Pangeran
Yehuwah saka ing ngarsane nganti entek. --
[21] Nalika Panjenengane methal Israel saka ing
kulawargane Sang Prabu Dawud, Israel banjur
ngangkat Yerobeam bin Nebat kadadekake
ratu, nanging Sang Prabu Yerobeam dadi
jalarane wong Israel padha ninggal Pangeran
Yehuwah, satemah padha nglakoni panggawe
dosa kang gedhe. [22] Kaya mangkono anggone
wong Israel urip manut ing sakehe dosa kang
katindakake dening Sang Prabu Yerobeam,
[23] ora padha didohi, nganti Pangeran Yehuwah
nebihake wong Israel iku saka ing ngarsane,
kaya kang wus kapangandikakake lumantar
sakehing abdine, para nabi. Wong Israel
diangkut saka ing tanahe menyang ing nagara

Asyur, kaparakake marang ing pambuwangan. Mangkono iku nganti saprene.

Para wong Samaria

17:24-41

24 Sang Raja ing Asyur dhawuh mboyongi
wong saka ing Babil, Kuta, Awa, Hamat
lan Sefarwaim, padha dipanggonake ing
kutha-kutha ing Samaria dadi gentine wong
Israel; wong-wong iku iya banjur padha
ngebeki Samaria lan manggon ana ing
kutha-kuthane. 25 Nalika lagi bae manggon ing
kono, wong-wong mau padha ora ngabekti
marang Pangeran Yehuwah, mulane Sang
Yehuwah nuli ndhatengake singa ana ing
satengahe wong-wong iku; ana wong sawetara
kang padha dipateni dening singa-singa mau.
26 Nuli ana wong kang munjuk marang Sang
Nata ing Asyur: "Bangsa-bangsa ingkang
panjenengan dalem boyongi dados tawanan
saha kadhawuhan manggen ing kitha-kitha
ing Samaria punika boten sami mangretos
dhateng tatananing pangibadah dhateng Gusti
Allahipun nagari ngriku, milanipun Gusti Allah
wau lajeng nguculaken singa wonten ing
satengahipun, lan tiyang-tiyang wau nunten
sami dipun pejahi dening singa-singa punika,
awit boten sami mangretos dhateng tatananing
pangibadah dhateng Gusti Allahipun nagari
ngriku." 27 Sang Raja ing Asyur tumuli paring
dhawuh mangkene: "Salah sijining imam
panunggalane kang wus padha sira tawan

lan sira parakake marang pambuwangan iku
konen mrana, kareben manggon ing kana lan
mulang marang wong-wong iku bab tatananing
pangibadah marang Allahe nagara kono!”
28 Salah sawijining imam kang wus diboyong
saka ing Samaria menyang ing pambuwangan
nuli mangkat lan manggon ing Betel sarta
banjur mulang marang wong-wong bab
patrape ngabekti marang Pangeran Yehuwah.
29 Nanging saben bangsa iku wus gawe allahe
dhewe, kang kapapanake ana ing omah-
omah pepundhen ana ing tengger-tengger
pangurbanan kang digawe dening para wong
Samaria; saben bangsa tumindak mangkono
ana ing kutha kang dienggoni: 30 wong Babil
gawe reca Sukot-Benot, wong Kuta gawe reca
Nergal, wong Hamat gawe reca Asima, 31 lan
wong Awa gawe reca Nibhas tuwin Tartak.
Wong Sefarwaim padha ngobong anak-anake
minangka kurban marang Adramelekh lan
Anamelekh, allah-allah ing Sefarwaim.
32 Kejaba iku wong-wong mau padha ngabekti
marang Pangeran Yehuwah sarta ngangkat
imam kanggo tengger-tengger pangurbanan
saka ing kalangane dhewe; iya wong iki kang
padha nindakake pangibadah kanggo dheweke
kabeh ana ing omah-omah pepundhen ing
tengger-tengger pangurbanan kono. 33 Dadine
padha ngabekti marang Pangeran Yehuwah,
nanging iya ngabekti marang allahe dhewe,
cundhuk karo adat-tatacarane bangsa asale,
nalika padha kaboyong dadi tawanan. 34 Nganti

saprene wong-wong mau padha nindakake
adat-tatacarane kang biyen.

Wong-wong iku ora padha ngabekti
marang Pangeran Yehuwah lan ora nglakoni
kang laras karo pranatan, angger-angger,
undhang-undhang lan dhawuh-dhawuh
paparinging Sang Yehuwah marang para
turune Rama Yakub, kang wus kaparingan
asma Israel. [35] Pangeran Yehuwah wus
nganakake prajanjian karo para turune Rama
Yakub iku lan wus padha diparingi dhawuh:
"Sira aja padha ngabekti marang allah liyane,
sira aja padha sujud nyembah marang iku, sira
aja padha ngibadah marang iku lan aja padha
misungsung kurban marang iku. [36] Nanging
Pangeran Yehuwah kang wus nuntun sira
kabeh saka ing tanah Mesir kalawan kekiyatan
kang gedhe, kalawan ngacungake astane,
iku kang kudu sira bekteni, iku kang kudu
sira sujudi lan sira sembah lan kang kudu
sira caosi kurban, [37] sarta pranatan-pranatan,
tatanan-tatanan, angger-angger lan dhawuh-
dhawuh kang wus diserat kanggo sira kabeh,
iku padha sira gatekna tuwin tansah padha
sira lakonana kalawan setya, apadene aja
padha ngabekti marang allah liyane. [38] Sira aja
padha lali marang prajanjian kang wus Ingsun
anakake kalawan sira kabeh sarta sira aja
padha ngabekti marang allah liyane, [39] kejaba
marang Pangeran Yehuwah, Gusti Allahira, iku
kang kudu sira bekteni. Manawa mangkono
Panjenengane bakal ngluwari sira saka ing
tangane sakehing mungsuhira." [40] Nanging

ora padha gelem ngrungokake, malah padha
nglakoni adat-tatacarane kang biyen.
41 Dadine bangsa-bangsa iku padha ngabekti
marang Pangeran Yehuwah, nanging iya padha
nyembah marang reca-recane; iya anak-
anake, iya putu-putune lan buyut-buyute,
kabeh padha nglakoni apa kang ditindakake
dening para leluhure, nganti tumeka ing dina
iki.

Sang Prabu Hizkia, ratu ing Yehuda

18:1-12

2Bb 29:1-2

18 1 Ing taun kang katelune jamane Sang
Prabu Hosea, putrane Sang Ela, ratu
ing Israel, Pangeran Hizkia, putrane Sang
Prabu Akhas, ratu ing Yehuda, jumeneng
ratu.
2 Nalika jumeneng iku yuswane selawe
taun, dene anggone ngasta paprentahan ana
ing Yerusalem lawase sangalikur taun. Kang
ibu asma Abi, putra putrine Sang Zakharia.
3 Panjenengane nindakake apa kang bener
ana ing paningaling Sang Yehuwah, plek
kayadene kang dilampahi dening Sang Prabu
Dawud, leluhure.
4 Iya panjenengane iku kang
nyingkirake tengger-tengger pangurbanan
lan kang nggempuri tugu-tugu brahala,
kang ngethoki saka-saka brahala sarta kang
ngremuk ula tembaga damelane Nabi Musa,
amarga nganti tumeka ing dina iku wong
Israel pancen isih padha ngobong kurban
kanggo ula iku; ula iku dijenengake Nehustan.

5 Sang Prabu mau kumandel marang Pangeran
Yehuwah, Gusti Allahe Israel, lan ing antarane
sakehing para ratu ing Yehuda, ing sawuse
utawa ing sadurunge panjenengane, ora
ana kang kaya panjenengane.
6 Sang
Prabu rumaket marang Pangeran Yehuwah,
ora mengeng anggone ngetut-wingking
Panjenengane lan tansah netepi pepakoning
Yehuwah kang wus kaparingake marang Nabi
Musa.
7 Mulane Pangeran Yehuwah nunggil
marang panjenengane. Menyanga ngendi
bae tindake, mesthi angsal damel. Sang
Nata mbalela marang ratu ing Asyur lan ora
teluk marang panjenengane maneh.
8 Iya
Sang Prabu Hizkia iku kang ngawonake wong
Filisti nganti tekan ing Gaza lan nyirnakake
dhaerahe, iya panggung-panggunging pajagan
lan iya kutha-kuthane beteng.
9 Nalika ing taun kang kaping papate jamane
Sang Prabu Hizkia -- iku taun kang kapitune
jamane Sang Prabu Hosea, putrane Sang Ela,
ratu ing Israel -- Sang Prabu Salmaneser,
ratu ing Asyur, nempuh Samaria, kang banjur
dikepang.
10 Iku sawuse telung taun luwih
kena karebut, yaiku ing taun kang kaping
neme jamane Sang Prabu Hizkia -- iku taun
kang kaping sangane jamane Sang Prabu
Hosea, ratu ing Israel -- Samaria bisa karebut.
11 Sang Nata ing Asyur banjur mboyongi wong
Israel kaparakake marang ing pambuwangan,
menyang ing Asyur, padha kapanggonake
ana ing Halah, ana ing pinggiring kali Habor,
yaiku kaline negara Gozan, lan ana ing

kutha-kuthane wong Madhai, [12] amarga ora
padha gelem ngrungokake marang swantening
Sang Yehuwah, Gusti Allahe, lan padha nerak
marang prajanjiane, yaiku kabeh kang wus
kadhawuhake dening Nabi Musa, abdining
Sang Yehuwah; ora padha ngrungokake lan
ora padha gelem nglakoni.

Yerusalem kakepang dening Sang Prabu Sanherib

18:13-37

2Bb 32:1-19 Ys 36:1-22

[13] Ing taun kang kaping patbelase jamane
Sang Prabu Hizkia, Sang Prabu Sanherib, ratu
ing Asyur, nempuh kutha-betenging nagara
Yehuda sarta banjur kabedhah. [14] Sang Prabu
Hizkia, ratu ing Yehuda, kintun utusan marang
ing ngarsane Sang Nata ing Asyur kang ana
ing Lakhis, kadhawuhan ngunjukake ature:
"Kula sampun nindakaken kalepatan, Sang
Prabu mugi karsaa jengkar saking nagari
kula, punapa ingkang kabebahaken dening
Sang Prabu dhateng kula, badhe kula sanggi."
Sang Nata ing Asyur banjur paring bebahan
marang Sang Prabu Hizkia, ratu ing Yehuda,
ngaturake telung atus talenta selaka lan telung
puluh talenta emas. [15] Sang Prabu Hizkia nuli
nyaosake selaka kang ana ing padalemaning
Sang Yehuwah lan kang ana ing gedhong
pasimpenaning kraton. [16] Nalika samana Sang
Prabu Hizkia banjur dhawuh ngletheki emas
kang ana ing lawang-lawang lan kang ana

ing gawanging lawange padalemaning Sang
Yehuwah, kang dilapis dening Sang Prabu
Hizkia, ratu ing Yehuda. Iku kabeh kacaosake
marang Sang Nata ing Asyur.
17 Sawuse mangkono Sang Nata ing Asyur
utusan senapatining perang, panggedhening
kraton lan priyagung juru pangunjukan
saka ing Lakhis, sowan marang Sang Prabu
Hizkia ing Yerusalem, kalawan kadherekake
wadya-bala gedhe. Iku banjur padha tindak
menyang ing Yerusalem. Bareng wus rawuh
ing kono, nuli padha kendel ana ing papan ing
sacedhake ilen-ilening blumbang ndhuwur,
kang ana ing dalan gedhe ing Ara-ara Tukang
Penatu. 18 Bareng padha nguwuh-uwuh
marang Sang Prabu, Sang Elyakim bin Hilkia,
panggedhening kraton, lan Sang Sebna,
sekretaris nagara lan Sang Yoah bin Asaf,
panggedhene hartakaning nagara padha
ngedali. 19 Priyagung juru pangunjukan nuli
ngandika marang katelune: "Sumangga
sampeyan sami matur dhateng Sang Prabu
Hizkia: Makaten pangandikanipun Sang Nata
Agung, ratu ing Asyur: Sira iku nggondheli
pangandel kang kaya apa, ta? 20 Apa sira ngira,
menawa gelar lan kekuwataning perang iku
bisa sira wujudake mung kalawan lambe thok.
Ing saikine sapa kang sira andelake, dene sira
mbalela marang ingsun? 21 Lah sira ngendelake
teken pring kang pepes tumelung, yaiku Mesir,
kang bakal njojoh nganti tembus tangane
wong kang tekenen iku. Kaya mangkono iku
Pringon ratu ing Mesir, tumrap sakehing wong

kang padha ngendelake dheweke. 22 Dene
menawa sira padha matur marang ingsun:
Kawula sami ngendelaken Pangeran Yehuwah,
Gusti Allah kawula, -- apa Panjenengane iku
dudu kang tengger-tenggere pangurbanan
lan misbyah-misbyahe wus disingkirake
Hizkia kalawan tembunge marang Yehuda
lan Yerusalem: Ana ing ngarepe misbyah
kang ana ing Yerusalem iki anggonmu kudu
padha sujud nyembah. 23 Milanipun sapunika
sumangga sampeyan totohan kaliyan gusti
kula, Sang Nata ing Asyur: Kula badhe nyukani
kapal kalih ewu, manawi sampeyan sagah
nyawisi tiyang-tiyangipun ingkang badhe
numpaki. 24 Kadospundi anggen sampeyan
badhe saged ngunduraken opsiripun gusti kula
ingkang alit piyambak satunggal kemawon?
Mangka sampeyan ngendelaken Mesir ing
bab kreta saha prajurit kapalan! 25 Lah uga
saiki, anggoningsun majeng perang nglawan
panggonan iki arep sunsirnakake, apa iku
dudu kersaning Sang Yehuwah? Pangeran
Yehuwah wus ngandika marang ingsung:
Nagara iku tempuhen lan sira sirnakna!”
26 Sang Elyakim bin Hilkia, Sang Sebna
lan Sang Yoah banjur padha matur
marang priyagung juru pangunjukan mau:
“Panjenengan kula aturi ngandika ngagem
basa Aram dhateng para ingkang abdi
punika, awit kula sami saged mangretos;
nanging sampun ngandika mawi basa Yehuda,
mindhak dipun pirengaken dening rakyat
ingkang wonten ing nginggil balowarti.”

27 Nanging wangsulane priyagung juru
pangunjukan: "Punapa anggenipun gusti
kula ngutus kula namung supados namung
rembagan kaliyan gusti sampeyan lan kaliyan
sampeyan kemawon? Rak inggih kaliyan
tiyang-tiyang ingkang sami nglesod wonten
ing nginggil balowarti punapa, ingkang sami
nedha tinjanipun lan ngombe uyuhipun
sesarengan kaliyan sampeyan sadaya punika,
ta?" 28 Sawuse mangkono priyagung juru
pangunjukan iku banjur jumeneng lan
nguwuh-uwuh kalawan swara sora ing basa
Yehuda, pangandikane: "Padha ngrungokna
pangandikane Sang Nata Agung, ratu ing
Asyur! Mangkene pangandikane Sang Prabu:
29 Sira aja padha kena diapusi Hizkia, sebab
dheweke ora bisa ngluwari sira saka ing
astaningsun. 30 Sira aja padha gelem diajak
Hizkia kumandel marang Sang Yehuwah
kalawan tembunge: Pangeran Yehuwah mesthi
bakal ngluwari kita, sarta kutha iki ora bakal
kaulungake marang ing tangane ratu ing Asyur.
31 Aja padha ngrungokake kandhane Hizkia,
sabab mangkene pangandikane Sang Nata
ing Asyur: Sira nganakna prajanjian kalawan
ingsun bab anggonira masrahake samubarang
kabeh marang ingsun, banjur padha metua
sowana marang ing ngarsaningsun; saben
wong banjur bakal mangan saka wite anggur
dhewe lan saka wite anjir dhewe sarta bakal
ngombe saka ing sumure dhewe, 32 nganti
sarawuhingsun prelu mboyongi sira kabeh
menyang ing nagara kang kaya nagaranira

iki, sawijining nagara kang sugih gandum
lan anggur, sawijining nagara kang sugih
roti lan kebon anggur, sawijining nagara
kang sugih wit jaitun, sugih lenga lan sugih
madu; kalawan mangkono sira bakal padha
urip lan ora bakal padha mati. Mung bae aja
padha ngrungokake tembunge Hizkia, sabab
dheweke ngapusi sira kalawan tembunge:
Pangeran Yehuwah bakal ngluwari kita!
33 Apa tau kelakon allah-allahe para bangsa
padha bisa ngluwari bangsa-bangsa mau
saka ing astane Sang Nata ing Asyur? 34 Endi
para allahe nagara Hamat lan Arpad? Endi
para allahe nagara Sefarwaim, Hena lan
Iwa? Apa iku wus padha ngluwari Samaria
saka ing astaningsun? 35 Ing antarane para
allahe nagara-nagara iku apa ana kang wus
ngluwari nagarane saka ing astaningsun, lah
kok Pangeran Yehuwah sagah arep ngluwari
Yerusalem saka ing astaningsun?” 36 Nanging
rakyat mau padha meneng bae, ora mangsuli
sanadyan mung sakecap bae, amarga Sang
Prabu wus paring dhawuh piweling: “Sira aja
padha mangsuli marang dheweke!” 37 Sang
Elyakim bin Hilkia, panggedhening kraton, lan
Sang Sebna, sekretaris nagara sarta Sang
Yoah bin Asaf, panggedhene hartaka nagara,
nuli padha sowan marang ing ngarsane Sang
Prabu Hizkia, kalawan pangageman kang wus
kasuwek-suwek, tuwin banjur padha ngunjuki
uninga bab tembung-tembunge priyagung
juru pangunjukan mau.

Yerusalem uwal saka ing astane Sang Prabu Sanherib

19:1-37

2Bb 32:20-23 Ye 37:1-38

19 [1] Bareng Sang Prabu Hizkia midhanget
kang mangkono iku, nuli nyuwek-
nyuwek pangagemane lan mangagem bagor
lan banjur lumebet ing padalemaning Pangeran
Yehuwah. [2] Sang Elyakim, panggedhening
kraton, Sang Sebna, sekretaris nagara lan para
tetuwaning imam uga tumuli kautus sowan ing
ngarsaning Nabi Yesaya bin Amos, kalawan
mangagem bagor, [3] sarta ature: "Makaten
pangandikanipun Sang Prabu Hizkia: Dinten
punika dinten karupekan, dinten paukuman
saha dintening kawirangan; awit sampun
dumugi ing leking jabang-bayi, nanging
boten wonten kekiyatan kangge nglairaken.
[4] Bokmanawi Pangeran Yehuwah, Gusti Allah
panjenengan, sampun midhanget sakathahing
tembungipun priyagung juru pangunjukan,
utusanipun ratu ing Asyur, gustinipun,
ingkang kadhawuhan ngawon-awon Gusti
Allah ingkang gesang, satemah Pangeran
Yehuwah badhe paring paukuman margi
saking tetembungan ingkang sampun dipun
piyarsakaken. Milanipun panjenengan karsaa
ngunjukaken pandonga kangge kekantunan
ingkang taksih wonten punika!" [5] Bareng para
punggawane Sang Prabu Hizkia wus ana ing
ngarsane Nabi Yesaya, [6] padha dipangandikani

mangkene: “Sampeyan sami matur dhateng
gusti sampeyan: Makaten pangandikanipun
Pangeran Yehuwah: Sira aja wedi marang
tetembungan kang sira rungu kang wus
kaucapake dening para abdine ratu ing Asyur
kang ngala-ala marang Ingsun iku. 7 Lah
Ingsun bakal ngutus roh kang manjing marang
dheweke, temah banjur krungu sawijining
pawarta lan tumuli mulih menyang ing
negarane. Wong iku bakal Sundadekake mati
dening pedhang ana ing negarane dhewe.”
8 Bareng priyagung juru pangunjukan mau
bali, ratu ing Asyur pinuju perang nglawan
Libna; sabab wus mireng, manawa Sang
Nata wus jengkar saka ing Lakhis. 9 Nalika
iku Sang Prabu mireng pawarta bab Sang
Prabu Tirhaka, ratu ing Etiopia, mangkene:
“Lah panjenenganipun sampun miyosi perang
nglawan panjenengan dalem,” mulane banjur
ngintunake utusan maneh kang padha
didhawuhi ngaturake pangandikane marang
Sang Prabu Hizkia: 10 “Sira padha matura
marang Sang Prabu Hizkia ratu ing Yehuda:
sira aja nganti kena diapusi dening Allahira,
kang janji: Yerusalem ora bakal kaulungake
marang ing tangane ratu ing Asyur. 11 Lah sira
wus krungu bab kang katandukake dening
para ratu ing Asyur marang sakehe nagara,
yaiku manawa iku padha katumpes. Apa
iya sira bakal diuculake? 12 Apa para allahe
bangsa-bangsa, kang wus padha disirnakake
dening para leluhuringsun bisa ngluwari
bangsa-bangsa mau, yaiku Gozan, Haran,

Rezef lan bani Eden kang ana ing Telasar?
13 Ana ing ngendi ta ratuning nagara Hamat
lan Arpad, ratuning kutha Sefarwaim, ratuning
nagara Hena lan Iwa?”
14 Sang Prabu Hizkia nampeni layang iku
saka ing tangane para utusan, layang nuli
kawaos. Sang Prabu banjur tindak lumebet ing
padalemaning Sang Yehuwah sarta mbeber
layang mau ana ing ngarsaning Sang Yehuwah.
15 Sang Prabu Hizkia tumuli ndedonga ana ing
ngarsaning Sang Yehuwah, unjuke: “Dhuh
Yehuwah, Gusti Allahipun Israel, ingkang
adhedhampar ing sanginggiling kerubim!
Namung Paduka piyambak ingkang jumeneng
dados Gusti Allahipun sakathahing karajan ing
bumi. Paduka ingkang nitahaken langit kalayan
bumi. 16 Paduka mugi karsaa nenglengaken
talingan Paduka, dhuh Yehuwah, saha mugi
karsaa midhangetaken; Paduka mugi karsaa
ngagem paningal Paduka, dhuh Yehuwah
saha mugi karsaa mirsani. Paduka mugi
karsaa midhangetaken tembung-tembungipun
Sanherib ingkang sampun dipun kintunaken
kangge ngawon-awon Gusti Allah ingkang
gesang. 17 Dhuh Yehuwah, para ratu ing Asyur
pancen sampun nyirnakaken bangsa-bangsa
dalah nagari-nagarinipun 18 saha mbesmi
para allahipun, amargi punika sanes Gusti
Allah, nanging namung damelaning tangan
manungsa, namung kajeng saha sela, mila
saged karisak dening tiyang. 19 Milanipun
sapunika, dhuh Yehuwah, Gusti Allah kawula
sadaya, Paduka mugi karsaa nguwalaken

kawula sadaya saking ing tanganipun, supados karajan ing bumi sami nyumerepi, bilih namung Paduka piyambak punika ingkang jumeneng Gusti Allah, dhuh Yehuwah."

20 Nabi Yesaya bin Amos nuli utusan wong sowan ing ngarsane Sang Prabu Hizkia, kadhawuhan matur: "Makaten pangandikanipun Pangeran Yehuwah, Gusti Allahipun Israel: Apa kang wus sira pratelakake ana ing pandonganira marang Ingsun ing bab Sanherib, ratu ing Asyur, iku wus
Sunpiyarsakake. 21 Punika pangandika ingkang sampun kaparingaken dening Pangeran Yehuwah tumrap piyambakipun:

Kenya, yaiku putri ing Sion,
wus ngremehake sira,
wus moyoki sira;
lan putri ing Yerusalem
wus gedheg-gedheg ana ing burinira.
22 Sapa ta kang sira wewada
lan sira ala-ala iku?
Tumuju marang sapa ta sira ngumbar swaranira
kang sora iku,
sarta mentheleng kalawan gumunggung iku?
Tumuju marang Kang Mahakuwasa Gusti Allahe Israel!
23 Lumantar para utusanira sira wus memada Pangeran Yehuwah
lan sira wus ngucap: Kalawan kretaku kang akeh cacahe
aku munggah ing panggonan-panggonan kang dhuwur ing pagunungan,

menyang panggonan kang adoh dhewe ing
gunung Libanon;
aku wus negori wite eres kang dhuwur-
dhuwur tur gedhe-gedhe,
wite beros kang pilihan-pilihan;
aku wus lumebu ing papan panginepan kang
poncot dhewe,
menyang ing alase kang wit-witane ketel.
24 Ingsun iku wus ndhudhuk banyu
lan wus ngunjuk banyu duweking liyan,
sarta Ingsun wus ngasatake kalawan
tlapakaning sampeyaningSun
sakehing kali ing tanah Mesir.
25 Sira apa ora wus krungu,
manawa Ingsun wus nemtokake dina saka
ing kadohan
lan wus ngrancang bab iku nalika ing
jaman kuna-makuna?
Saiki iku Sunwujudake,
yaiku manawa sira gawe sepi mamringe
kutha-kutha beteng
sira dadekake tumpukan watu.
26 Wong kang padha manggon ing kono kang
tanpa daya
dadi kaget lan wirang;
padha dadi kaya thethukulan ing ara-ara
lan kaya suket kang ijo,
kaya suket ing sadhuwuring payon
utawa kaya gandum kang alum sadurunge
tuwa.
27 Ingsun mirsa, manawa sira tangi utawa
lungguh
manawa sira metu utawa lumebu,

utawa manawa sira ngamuk marang
Ingsun.
28 Ing sarehne sira wus ngamuk marang
Ingsun,
lan tembung-tembungira kang
kumlungkung
wus ngenani talinganingSun,
mulane Ingsun bakal ngetrapake keluhingSun
ana ing irungira
lan kendhaliningSun ana ing lambenira,
sarta Ingsun bakal ngulihake sira metu ing
dalan, pinangkanira.
29 Lan iki kang bakal dadi tandha tumrap sira,
he Hizkia: Ing taun iki wong bakal mangan
apa kang thukul dhewe, dene ing taun kang
kapindho pametune tanduran kang kawitan,
nanging ing taun kang katelune sira bakal
nyebar, ngeneni, gawe kebon anggur lan
mangan wohe, 30 sarta para wong kang oncat
ing antarane turune Yehuda, yaiku para wong
kang isih ana, iku bakal metu oyode maneh
mangisor lan metokake woh mandhuwur.
31 Sabab saka ing Yerusalem bakal metune
para wong kang isih ana sarta saka ing gunung
Sion wong-wong kang oncat. Bentering
penggalihe Pangeran Yehuwah, Gustining
sarwa tumitah kang bakal nindakake bab iki.
32 Milanipun mekaten pangandikaning
Pangeran Yehuwah tumrap ratu ing Asyur:
Dheweke ora bakal lumebu ing kutha kene lan
ora bakal nglepasake panah mrene; uga ora
bakal nekani kalawan nggawa tameng tuwin
ora bakal gawe tanggul pangepungan. 33 Bakal

mulih metu ing dalan pinangkane, nanging
ora bakal lumebu ing kutha kene, -- makaten
pangandikaning Sang Yehuwah. -- [34] Sarta
Ingsun bakal mageri kutha iki supaya slamet,
iku marga saka Ingsun lan marga saka Dawud,
abdiningSun."

[35] Kacarita ing bengi iku Sang Malaekating
Yehuwah miyos, banjur nyirnakake wong ing
pakuwone Asyur wolung puluh lima ewu.
Esuke umun-umun kabeh kang katon iku
jisime wong mati! [36] Marga saka iku Sang
Prabu Sanherib, ratu ing Asyur banjur kondur
lan kendel ana ing Ninewe. [37] Ing sawijining
dina nalika Sang Prabu lagi sujud nyembah
ana ing omah pepundhene Nisrokh, allahe,
banjur disedani dening Pangeran Adramelekh
lan Pangeran Sarezer, para putrane, sarta
sekarone tumuli padha lolos menyang ing
tanah Ararat, dene Pangeran Esarhadon,
uga putrane, nuli jumeneng ratu nggentosi
panjenengane.

Sang Prabu Hizkia gerah lan banjur kasarasake

20:1-11

2Bb 32:24-26 Ye 38:1-22

20 [1] Ing nalika samana Sang Prabu
Hizkia kecandhak gerah nganti meh
seda. Nabi Yesaya bin Amos nuli sowan lan
matur: "Makaten pangandikanipun Pangeran
Yehuwah: Sira aweha piweling kang wekasan
marang brayatira, awit sira bakal mati, ora

bakal waras maneh.” 2 Sang Prabu Hizkia
banjur ngengokake pasuryane marang tembok
lan ndedonga marang Pangeran Yehuwah:
3 “Dhuh Yehuwah, Paduka karsaa ngengeti,
bilih kawula sampun gesang wonten ing
ngarsa Paduka kalayan setya saha tulusing
manah punapadene kawula sampun nglampahi
punapa ingkang sae wonten ing paningal
Paduka.” Sang Prabu Hizkia tumuli muwun
kang banget kae. 4 Nanging Nabi Yesaya
durung nganti medal saka ing plataran tengah,
dumadakan kaparingan dhawuh dening
Pangeran Yehuwah mangkene: 5 “Sira balia lan
matura marang Hizkia, ratuning umatingSun:
Mekaten pangandikaning Pangeran Yehuwah,
Gusti Allahipun Sang Prabu Dawud, leluhur
dalem: Pandonganira wus Sunpiyarsakake
lan eluhira wus Sunpirsani. Lah Ingsun bakal
paring waras marang sira; ing dina kang katelu
sira bakal lumebu ing padalemaning Sang
Yehuwah. 6 Umurira bakal Sunwewahi limalas
taun sarta sira lan kutha iki bakal Sunuwalake
saka ing tangane ratu ing Asyur. Kutha iki bakal
Sunpageri, marga saka Ingsun lan marga saka
Dawud, abdiningSun.” 7 Sawuse mangkono
Nabi Yesaya ngandika: “Padha njupuka
kuwih anjir siji!” Bareng wus kaladekake nuli
kapopokake ing wudune, Sang Prabu banjur
senggang. 8 Sadurunge iku Sang Prabu Hizkia
wus ngandika marang Nabi Yesaya: “Punapa
tandhanipun, manawi Pangeran Yehuwah
badhe paring saras dhumateng kula saha
bilih ing dinten ingkang kaping tiganipun

kula badhe lumebet ing padalemaning Sang
Yehuwah?” 9 Atur wangsulane Nabi Yesaya:
“Punika ingkang badhe dados tandhanipun
kagem panjenengan dalem saking Pangeran
Yehuwah, bilih panjenengan dalem badhe
nglampahi punapa ingkang sampun dipun
janjekaken: Ayang-ayangan punika badhe
majeng sadasa tapak punapa badhe mundur
sadasa tapak?” 10 Sang Prabu Hizkia ngandika:
“Tumrap ayang-ayangan punika langkung
gampil mandhap sadasa tapak! Nanging
sampun mekaten, ayang-ayanganipun
kajengipun mundur sadasa tapak.” 11 Nabi
Yesaya banjur nyebut marang Pangeran
Yehuwah, lan Pangeran Yehuwah tumuli
ndadekake ayang-ayangan kang wus mangisor
ana ing bencet gaweane Akhas iku banjur bali
mundur maneh sepuluh tapak.

Sang Prabu Hizkia lan para utusan saka ing nagara Babil

20:12-21

2Bb 32:27-33 Ye 39:1-8

12 Ing nalika samana Sang Prabu Merodakh-
Baladan bin Baladan, ratu ing nagara Babil,
utusan wong ngunjukake layang lan atur-atur
marang Sang Prabu Hizkia, marga kepireng,
manawa ing maune Sang Prabu Hizkia gerah.
13 Sang Prabu Hizkia rena ing penggalih
marga saka pisowane para utusan iku, banjur
padha ditedahi sakehing isining gedhong
pasimpenaning raja-brana, emas lan selaka

lan lenga kang adi, gedhong praboting perang
sarta kabeh kang ana ing pasimpenane. Ora
ana barang kang ora dikatingalake dening
Sang Prabu Hizkia marang para utusan
mau, kang ana ing kratone lan kang ana
ing wilayahing pangwaose. 14 Bareng wus
mangkono Nabi Yesaya sowan ing ngarsane
Sang Prabu Hizkia lan munjuk pitakon:
"Punapa ingkang sampun dipun aturaken
dening tiyang-tiyang punika? Tuwin saking
pundi asalipun tiyang-tiyang punika?" Paring
wangsulane Sang Prabu Hizkia: "Tiyang-tiyang
punika dhatengipun saking nagari ingkang
tebih, saking nagari Babil!" 15 Nabi Yesaya
matur pitakon maneh: "Punapa kemawon
ingkang sampun dipun tingali wonten ing
kraton dalem?" Sang Prabu Hizkia mangsuli,
pangandikane: "Sadaya ingkang wonten
ing kraton kula sampun sami dipun tingali.
Boten wonten barang ingkang boten kula
tedahaken dhateng tiyang-tiyang punika,
ingkang wonten ing pasimpenan kula." 16 Nabi
Yesaya nuli matur marang Sang Prabu Hizkia:
"Kawula aturi midhangetaken pangandikaning
Pangeran Yehuwah! 17 Lah bakal tumeka
ing titimangsane, kabeh kang ana ing
kratonira lan kang kasimpen dening para
leluhurira nganti saprene iki bakal kausungan
menyang ing Babil. Ora ana barang kang
bakal dikarekakake. -- Makaten pangandikaning
Sang Yehuwah. -- 18 Lan turunira, kang bakal
metu saka ing sira, bakal ana kang dipundhut
kadadekakake priyagung ana ing kedhatone

ratu ing Babil.” 19 Sang Prabu Hizkia mangsuli
marang Nabi Yesaya, pangandikane: “Nyata
sae pangandikaning Sang Yehuwah ingkang
panjenengan lairaken punika!” Nanging
osiking panggalihe mangkene: “Anggere aku
sajege uripku ngrasakake karukunan lan
katentreman!”
20 Anadene kekarene riwayate Sang Prabu
Hizkia, sakehing kaprawirane lan anggone
yasa blumbang lan ilen-ilen banyu sarta
anggone ngilekake banyu menyang ing
sajroning kutha, kabeh iku rak wus katulisan
ana ing buku sejarahe para ratu ing Yehuda.
21 Sang Prabu Hizkia banjur kepareng ngaso
nunggil karo para leluhure. Dene Pangeran
Manasye, kang putra, nuli jumeneng ratu
nggentosi panjenengane.

Sang Prabu Manasye, ratu ing Yehuda

21:1-18

2Bb 33:1-20

21 1 Pangeran Manasye nalika jumeneng
ratu iku yuswa rolas taun, dene anggone
ngasta paprentahan ana ing Yerusalem lawase
seket lima taun. Kang ibu asma Hefzibah.
2 Sang Prabu nglampahi apa kang ala ana ing
ngarsane paningaling Sang Yehuwah, padha
karo panggawe nistha kang katindakake
dening para bangsa kang wus kasingikirake
dening Pangeran Yehuwah saka ing ngareping
wong Israel. 3 Tengger-tengger pangurbanan
kang wus disirnakake dening Sang Prabu

Hizkia, kang rama, padha didegake maneh;
panjenengane yasa misbyah-misbyah kanggo
Baal, damel reca Asyera kaya Sang Prabu
Akhab, ratu ing Israel lan sujud nyembah
marang sakehing wadya-bala ing langit
sarta ngabekti marang iku. 4 Panjenengane
ngedegake misbyah-misbyah ana ing
padalemaning Pangeran Yehuwah, sanadyan
tumrap padaleman iku Pangeran Yehuwah
wis ngandika: “Ingsun bakal maringake
asmaningSun ana ing Yerusalem!” 5 Sabanjure
Sang Nata uga ngedegake misbyah-misbyah
kanggo sakehing wadya-bala ing langit
ana ing plataraning Padalemane Pangeran
Yehuwah loro pisan. 6 Malah panjenengane
misungsungake putrane kadadekake
kurban ing geni, olah ngelmu pameca lan
petungan, apadene remen lelayanan karo
para prewangan lan para juru nujum. Akeh
pandamele kang ala ana ing paningaling
Sang Yehuwah, satemah ndadekake gerahing
panggalihe. 7 Panjenengane mrenahake reca
Asyera yeyasane ana ing sajroning padaleman,
sanadyan tumrap padaleman iku Pangeran
Yehuwah wus ngandika marang Sang Prabu
Dawud lan marang Sang Prabu Suleman,
kang putra: “Ana ing padaleman iki, lan
ana ing Yerusalem, kang wus Sunpilih saka
ing antarane suku Israel, anggoningSun
bakal maringake asmaningSun kanggo ing
salawas-lawase! 8 Ingsun ora bakal marengake
maneh bangsa Israel kagawa metu saka ing
tanah kang wus Sunparingake marang para

leluhure, anggere padha tetep nglakoni apa
kang wus Sundhawuhake marang dheweke
lumantar abdiningSun Musa.” 9 Nanging ora
padha gelem ngrungokake, padha kasasarake
dening Sang Prabu Manasye, satemah padha
nglakoni kang ala, ngluwihi para bangsa kang
wus padha kasirnakake dening Pangeran
Yehuwah saka ing ngarepe wong Israel.
10 Pangeran Yehuwah tumuli ngandika
lumantar para abdine, yaiku para nabi: 11 “Ing
sarehne Manasye, ratu ing Yehuda, wus
nglakoni kanisthan-kanisthan iki, nglakoni
piala ngungkuli sakehing panggawene wong
Amori, kang anane ing sadurunge, lan srana
brahala-brahalane njalari wong Yehuda uga
banjur nindakake dosa, 12 mulane mangkene
pangandikane Pangeran Yehuwah, Gusti Allahe
Israel: “Lah Ingsun bakal ndhatengake bilai
ana ing Yerusalem lan ing Yehuda, satemah
saben wong kang krungu nganti sumruwung
kupinge karo pisan. 13 Sarta Ingsun bakal
ngetrapi tali pangukuran marang Yerusalem
padha kaya marang Samaria lan tali lod
padha kaya marang brayate Akhab; sarta
Ingsun bakal ngresiki kayadene patrape
wong ngresiki pinggan, yen wus diresiki
banjur diwalik dikurebake. 14 Kekarene pusaka
kagunganingSun bakal Sunbucal, Sunulungake
marang ing tanganing para mungsuhe,
satemah dadi jarahan lan dadi bandhanganing
sakehe mungsuhe, 15 awit wus padha nglakoni
apa kang ala ana ing paningalingSun lan
marga saka mangkono padha gawe gerahing

panggalihingSun, wiwit nalika para leluhure
padha metu saka ing tanah Mesir nganti
tumeka ing dina iki."
16 Sabanjure Sang Prabu Manasye
ngwutahake getihe wong kang ora luput
nganti makaping-kaping, nganti ngebaki
Yerusalem wiwit poncot tekan poncot, iku
durung kapetung dosa-dosane kang njalari
wong Yehuda banjur nglakoni dosa uga, yaiku
nindakake apa kang ala ana ing paningaling
Sang Yehuwah.
17 Anadene kekarene riwayate Sang Prabu
Manasye, sakehing pandamele lan dosa-dosa
kang dilampahi, iku kabeh rak wus katulisan
ana ing buku sejarahe para ratu ing Yehuda.
18 Sang Prabu Manasye nuli kepareng ngaso
nunggil karo para leluhure lan banjur
kasarekake ana ing patamananing kratone,
ing patamanan Uza. Dene Pangeran Amon,
kang putra, tumuli jumeneng ratu nggentosi
panjenengane.

Sang Prabu Amon, ratu ing Yehuda

21:19-26

2Bb 33:21-25

19 Nalika Pangeran Amon jumeneng ratu
iku yuswane rolikur taun, dene anggone
ngasta paprentahan ana ing Yerusalem
suwene rong taun. Kang ibu asma Mesulemet,
putri putrane Sang Harus, saka ing Yotba.
20 Sang Prabu nglampahi apa kang ala ana ing
paningaling Sang Yehuwah padha kaya kang

wus katindakake dening Sang Prabu Manasye,
kang rama. [21] Sugenge kaya ramane biyen,
kambi ngabekti marang para brahala kang
disembah-sembah dening ramane, sarta sujud
nyembah marang iku. [22] Panjenengane nilar
Pangeran Yehuwah, Gusti Allahe para leluhure
lan sugenge ora manut karsaning Sang
Yehuwah. [23] Para punggawane Sang Prabu
Amon banjur padha nganakake sekuthon
nglawan panjenengane, Sang Prabu disedani
ana ing kratone. [24] Nanging kang padha
sekuthon nglawan marang Sang Prabu Amon
mau banjur padha dipateni dening rakyat ing
nagara kono. Rakyat ing nagara kono mau nuli
padha njumenengake ratu Pangeran Yosia,
kang putra, nggentosi panjenengane.

[25] Anadene kekarene riwayate Sang Prabu
Amon, apa kang katindakake, iku kabeh rak
wus katulisan ana ing buku sejarahe para ratu
ing Yehuda. [26] Sang Prabu banjur kasarekake
ing pasareane ana ing petamanan Uza.
Anadene Pangeran Yosia, kang putra, tumuli
jumeneng ratu nggentosi panjenengane.

Sang Prabu Yosia, ratu ing Yehuda
Kitab Toret ketemu maneh

22:1-20

2Bb 34:1-2, 8-33

22 [1] Pangeran Yosia nalika jumeneng
ratu iku yuswane wolung taun,
dene anggone ngasta paprentahan ana ing
Yerusalem lawase telung puluh siji taun. Kang

ibu asma Yedida, putri putrane Sang Adaya,
saka ing Bozkat. 2 Panjenengane nglampahi
apa kang bener ana ing paningaling Pangeran
Yehuwah sarta sugenge kaya Sang Prabu
Dawud, leluhure, lan ora nyimpang menengen
utawa mangiwa.
3 Ing taun kang kaping wolulase jamane
Sang Prabu Yosia, Sang Prabu utusan
Sang Safan bin Azalya, bin Mesulam,
sekretarise, menyang ing padalemaning
Pangeran Yehuwah, pangandikane: 4 "Sira
sowana ing ngarsane Imam Agung Hilkia,
aturana masrahake kabeh dhuwit kang wus
kagawa menyang ing padalemaning Sang
Yehuwah, kang wus kaklempakake saka
rakyat dening para kang jaga lawang; 5 iku
kareben diwenehake marang ing tangane
para kang kapasrahan rumeksa padalemaning
Sang Yehuwah, iku banjur padha ngedumna
dhuwit mau marang para tukang kang ana
ing padalemaning Sang Yehuwah, supaya
dianggoa ndandani karusakaning padaleman
iku, 6 yaiku marang para tukang kayu, para
tukang bangunan, lan marang para tukang
batu, uga kanggo tuku kayu lan watu tatahan,
kanggo ndandani padaleman mau. 7 Nanging
ora usah nganakake etung-etungan karo
wong-wong mau tumrap dhuwit kang wus
ditampakake marang ing tangane wong-wong
iku, amarga iku padha nyambut gawe kalawan
temen."
8 Imam Agung Hilkia nuli ngandika marang
Sang Safan, sekretarise mau: "Kula manggih

Kitab Toret punika wonten ing padalemaning
Pangeran Yehuwah!” Imam Agung Hilkia nuli
maringake kitab iku marang Sang Safan,
banjur diwaos. 9 Sawuse iku Sang Safan,
sekretaris mau, tumuli lumebet sowan ing
ngarsane Sang Nata, ngaturake pawarta bab
iku, unjuke: “Para abdi dalem punika sampun
sami nampeni sadaya arta ingkang wonten ing
padalemaning Sang Yehuwah, ingkang lajeng
sampun kapasrahaken dhateng ing tanganipun
para ingkang kawajiban rumeksa padaleman
punika.” Sang Safan, sekretaris iku, 10 uga
munjuk marang Sang Nata: “Imam Hilkia
maringi kitab punika dhumateng kawula.”
Sang Safan nuli maos kitab iku ana ing
ngarsane Sang Prabu. 11 Bareng Sang Nata
wus midhangetake pangandika ing Kitab Toret
iku, banjur nyuwek-nyuwek pangagemane.
12 Sang Prabu tumuli paring dhawuh marang
Imam Agung Hilkia, marang Ahikam bin Safan,
marang Akhbor bin Mikha, marang Sang
Safan, sekretaris mau, lan marang Asaya,
abdining Sang Nata, pangandikane: 13 “Sira
padha mangkata, ingsun, rakyat lan wong
ing Yehuda kabeh padha suwunna pitedahing
Sang Yehuwah bab pangandika ing kitab
kang ketemu iki, amarga bebenduning Sang
Yehuwah marang kita benter mulad-mulad
nggegirisi, awit para leluhur kita padha ora
ngrungokake marang pangandika ing kitab
iki, ora padha tumindak ngepleki apa kang
katulis ing kitab iki.” 14 Imam Agung Hilkia,
Ahikam, Akhbor, Sang Safan lan Asaya

banjur padha tindak manggihi nabi-wanita,
yaiku nabi Hulda, garwane Sang Salum bin
Tikwa bin Harhas, abdi-dalem reksa-busana.
Nabi iku dedalem ana ing Yerusalem, ing
pekampungan anyar. Para utusan padha
mratelakake preluning kautus. 15 Nabi Hulda
mangsuli: "Makaten pangandikaning Pangeran
Yehuwah, Gusti Allahipun Israel: Matura
marang kang ngutus sira kabeh sowan ing
ngarsaningSun! Mangkene pangandikane
Pangeran Yehuwah: 16 Lah Ingsun bakal
ndhatengake bilai marang panggonan iki lan
marang wong kang padha manggon ing kene,
yaiku sakehing pangandika ing kitab kang wus
kawaos dening ratuning Yehuda, 17 amarga
padha ninggal Ingsun, lan padha nyaosake
kurban kang kaobong marang allah liyane,
kang sedyane gawe gerahing panggalihingSun,
sarana sakehing gegaweaning tangane.
Awit saka iku bebenduningSun benter
mangalad-alad marang panggonan iki lan ora
bakal sirep-sirep. 18 Nanging marang ratu ing
Yehuda kang ngutus marang sira kabeh supaya
nyuwun pitedahe Pangeran Yehuwah iku, sira
matura mangkene: Makaten pangandikaning
Pangeran Yehuwah, Gusti Allahipun Israel:
Tumrap pangandika kang wus sira rungu
iku, 19 sarehne sira wus nalangsa lan wus
ngesorake awakira ana ing ngarsaning Sang
Yehuwah nalika sira krungu bab paukuman
kang Sunpangandikakake tumrap panggonan
iki lan kang padha manggon ing kene,
yaiku manawa bakal padha dadi pagiris

lan dadi ipat-ipat, sarta ing sarehne sira
nyuwek-nyuwek panganggonira lan nangis
ana ing ngarsaningSun, tuwin Ingsun iya wus
midhangetake iku, -- makaten pangandikaning
Sang Yehuwah, -- [20] mulane lah sira bakal
Suntunggilake kalawan para leluhurira lan
sira bakal kapetak ing pakuburanira kalawan
tentrem, apadene mripatira ora bakal
nyumurupi sakehing kasangsaran kang bakal
Sundhatengake ana ing panggonan iki.” Para
utusan mau iya banjur padha ngaturake
wangsulan iku marang Sang Nata.

Pambangunan kang katindakake dening Sang Prabu Yosia

23:1-30

2Bb 34:3-7, 35:1-27

23 [1] Sawuse mangkono Sang Prabu nuli
nglempakakake sakehing pinituwaning
Yehuda lan Yerusalem. [2] Sang Prabu banjur
tedhak menyang ing padalemaning Pangeran
Yehuwah kadherekake dening sakehe wong
Yehuda lan kabeh pendhudhuk Yerusalem,
para imam, para nabi lan sakehe rakyat
lumrah, wiwit kang cilik nganti kang gedhe.
Panjenengane tumuli maosake sakehing
pangandika ing kitab prajanjian kang ketemu
ana ing padalemaning Sang Yehuwah
mau. [3] Sawuse mangkono Sang Nata
tumuli jumeneng ing sacedhake saka sarta
nganakake prajanjian ana ing ngarsaning Sang
Yehuwah, bakal mbangun miturut marang

Pangeran Yehuwah lan netepi dhawuhe, pranatan-pranatane lan katetepan-katetepane kalawan gumolonging ati lan gumolonging nyawa sarta bakal netepi pangandikaning prajanjian kang katulis ana ing kitab mau. Anadene rakyat kabeh padha nyengkuyung prajanjian iku.
4 Sang Nata nuli dhawuh marang Imam Agung
Hilkia, para imam pangkat loro lan para kang
padha jaga lawang, supaya padha nyingkirake
saka ing padalemaning Sang Yehuwah
sakehing piranti kang digawe kanggo Baal
lan Asyera lan kanggo sakehing wadya-bala
ing langit, iku kabeh tumuli padha diobong
ana ing sajabaning kutha Yerusalem ana ing
ara-ara ing sapinggire kali Kidron, dene awune
digawa menyang ing Betel. 5 Para imaming
dewa ngamanca kang diangkat dening para
ratu ing Yehuda, kang gaweane ngobong
kurban ana ing tengger-tengger pangurbanan
ana ing kutha-kutha ing wewengkon Yehuda
lan ing sakubenge Yerusalem, iku padha
dilereni, samono uga kang padha ngobong
kurban kanggo Baal, kanggo dewaning
srengenge, kanggo dewaning rembulan,
kanggo dhapukan-dhapukan lintang lan
kanggo sakehing wadya-bala ing langit.
6 Tugu-tugu brahala padha diwetokake saka
ing padalemaning Sang Yehuwah, saka ing
kutha Yerusalem, digawa menyang ing kali
Kidron padha diobong ana ing kono lan
diejur-ejur nganti lembut dadi awu sarta
banjur kabuwang ana ing pakuburaning

rakyat lumrah. [7] Omah-omah palacuran
kanggo ngibadah kang ana ing padalemaning
Sang Yehuwah padha dirubuhake, yaiku
omah-omah kang uga dadi panggonane para
wong wadon padha nenun sarung kanggo
Asyera. [8] Sang Prabu nimbali sakehing imam
saka ing kutha-kutha ing wilayah Yehuda,
padha kadhawuhan najisake tengger-tengger
pangurbanan, panggonane para imam padha
ngobong kurban, wiwit ing Geba nganti tekan
ing Bersyeba. Tengger-tengger pangurbanan
kang ana ing gapura ing sacedhake panggonan
lumebune ing gapurane Yusak, panggedhening
kutha kono, kang ana ing sisih kiwa manawa
wong lumebu ing gapuraning kutha iku, iku
uga padha karubuhake. [9] Nanging para imam
ing tengger-tengger pangurbanan iku ora
diparengake munggah marang ing misbyahe
Pangeran Yehuwah ing Yerusalem, wong-wong
iku mung dililani mangan roti tanpa ragi
ana ing satengahe sadulur-sadulure. [10] Sang
Nata uga najisake Tofet kang ana ing lebak
Ben-Hinom, supaya aja nganti ana maneh
wong kang misungsungake anak-anake
kadadekake kurban ing geni kanggo dewa
Molokh. [11] Sang Prabu iya dhawuh nyingkirake
jaran-jaran kang kadekek dening para ratu ing
Yehuda kanggo dewaning srengenge ana ing
lawang kang anjog ing padalemaning Sang
Yehuwah, cedhak ing kamare Natan-Melekh,
punggawa kraton, kang manggon ing gedhong
ing sandhinging padaleman. Kreta-kreta
kanggo dewaning srengenge uga kaobong

ing geni. 12 Misbyah-misbyah ing payoning
panggung, papan manawa Sang Prabu
Akhas ngisis, yasane para ratu ing Yehuda
lan misbyah-misbyah yasane Sang Prabu
Manasye kang ana ing plataraning padalemane
Pangeran Yehuwah karo pisan, iku padha
dibubrahi dening Sang Prabu, kaejur-ejur dadi
awu ana ing kono, awune nuli kabuwang ing
kali Kidron. 13 Tengger-tengger pangurbanan
kang ana ing sawetane Yerusalem, ing sakidule
tengger Karusakan, kang kaedegake dening
Sang Prabu Suleman, ratu ing Israel, kanggo
Asytoret, dewaning kanisthan, sesembahane
wong Sidon, kanggo Kamos, dewaning
kanisthan, sesembahane wong Moab,
lan kanggo Milkom, dewaning kanisthan,
sesembahane wong Amon, iku iya kanajisake
dening Sang Prabu. 14 Tugu-tugu brahala
padha diremuki lan saka-saka brahala padha
dirubuhake sarta papan-papan ing kono nuli
kaurugan ing balung manungsa.
15 Misbyah kang ana ing Betel, tengger
pangurbanan kang didamel Sang Prabu
Yerobeam, bin Nebat, kang njalari wong
Israel padha nglakoni dosa, misbyah lan
tengger pangurbanan iku uga karubuhake,
watu-watune dipecahi, kaejur-ejur dadi
awu, lan sakaning brahala kaobong. 16 Lan
bareng Sang Prabu Yosia mengo lan mirsa
kuburan-kuburan kang ana ing kono, banjur
dhawuh njupuki balung-balung ing kuburan-
kuburan iku lan kadhawuhan ngobong ana
ing misbyah sarta nuli dinajisake, netepi

pangandikaning Pangeran Yehuwah kang
wus kaparingake abdining Allah, kang banjur
ngluntakake pangandika mau. 17 Sang Nata
ndangu: “Tetenger kramatan kang ana
ing kana kae apa?” Wong-wong ing kutha
kono padha munjuk: “Punika pasareanipun
abdining Allah ingkang rawuh saking Yehuda
lan ingkang sampun mangandikakaken
sakathahing prakawis ingkang sampun
paduka tindakaken tumrap misbyah ing
Betel punika!” 18 Pangandikane Sang Nata:
“Iku aja sira kapak-kapakake, aja nganti
ana wong kang nggepok-senggol marang
balung-balunge!” Dadine wong-wong ora
padha ngarubiru marang balung-balunge lan
uga balung-balunge nabi kang pinangkane
saka ing Samaria kono.
19 Sang Prabu Yosia uga nyingkirake sakehing
omah ing tengger-tengger pangurbanan
ing kutha-kutha ing wilayah Samaria, kang
kadamel dening para ratu ing Israel lan
kang damel gerahing panggalihe Pangeran
Yehuwah. Anadene anggone tumindak ana
ing kono iku plek kaya ana ing Betel. 20 Sang
Nata dhawuh nyembelehi sakehing imame
tengger-tengger pangurbanan kang ana
ing kono ana ing misbyah-misbyahe lan
dhawuh ngobong balung-balung wong ana ing
kono. Sawuse iku Sang Prabu tumuli kondur
menyang ing Yerusalem
21 Sang Nata banjur paring dhawuh marang
wong sabangsa kabeh mangkene: “Sira
padha ngriyayakna Paskah kagem Pangeran

Yehuwah, Gusti Allahira, kaya kang katulisan
ana ing kitab prajanjian iki!” 22 Amarga wiwit
jamane para hakim kang ngasta paprentahan
ing Israel lan jamane para ratu ing Israel
sarta para ratu ing Yehuda Paskah ora tau
diriyayakake kaya mangkono. 23 Nanging lagi
ing taun kang kaping wolulase jamane Sang
Prabu Yosia Paskah iki diriyayakake kagem
Pangeran Yehuwah ana ing Yerusalem.
24 Para prewangan lan para juru petungan,
uga terafim, brahala-brahala lan sakehe
dewaning kanisthan kang tinemu ana ing
tanah Yudea lan ing Yerusalem, padha
kasirnakake dening Sang Prabu Yosia, supaya
bisa netepi pangandikaning Toret kang katulis
ana ing kitab kang wus katemokake dening
Imam Agung Hilkia ana ing padalemaning Sang
Yehuwah. 25 Sadurunge panjenengane ora ana
ratu kang kaya panjenengane, kang anggone
mratobat marang Pangeran Yehuwah kanthi
gumolonging panggalihe, kanthi gumolonging
nyawane lan kanthi sakakuwatane kabeh,
miturut sakehe Torete Nabi Musa, sarta sawuse
panjenengane ora ana ratu maneh kang
kaya panjenengane. 26 Ewadene Pangeran
Yehuwah ora sumingkir saka ing bebendune
kang mulad-mulad marang Yehuda, marga
saka gerahing panggalihe, kang tuwuh awit
saka pokal-damele Sang Prabu Manasye.
27 Pangeran Yehuwah tumuli ngandika: “Uga
wong Yehuda bakal Sunsingkirake saka ing
ngarsaningSun kayadene anggoningSun wus
nyingkirake wong Israel, sarta Ingsun bakal

mbucal kutha kang wus Sunpilih iki, yaiku Yerusalem, apadene padaleman iki, sanadyan Ingsun wus ngandika tumrap iku mangkene: AsmaningSun bakal dumunung ana ing kono!”
28 Anadene kekarene riwayate Sang Prabu Yosia lan sakehe pandamele, iku rak wus katulisan kabeh ana ing buku sejarahe para
ratu ing Yehuda. 29 Ing jamane Sang Prabu Yosia iku Sang Prabu Pringon Nekho, ratu ing Mesir, majeng perang nglawan ratu ing Asyur ana ing sapinggiring kali Efrat; Sang Prabu Yosia mapagake panjenengane, nanging bareng kapirsan dening Sang Prabu Pringon, banjur kasedanan dening Sang Prabu Pringon
ana ing Megido. 30 Layone tumuli katitihake ing kreta dening para punggawane, kagawa saka ing Megido menyang ing Yerusalem, banjur kasarekake ana ing pasareane piyambak. Rakyat ing nagara kono tumuli methuk Pangeran Yoahas, kang putra, kang banjur dijebadi lan kajumenengake ratu, nggentosi kang rama.

Sang Prabu Yoahas ratu ing Yehuda

23:31-35

2Bb 36:1-4

31 Pangeran Yoahas nalika jumeneng ratu iku yuswane telulikur taun, dene anggone ngasta paprentahan ana ing Yerusalem suwene telung sasi. Kang ibu asmane Hamutal, putri putrane
Sang Yeremia, saka ing Libna. 32 Sang Nata
nindakake apa kang ala ana ing paningaling

Sang Yehuwah plek kayadene para leluhure.
33 Panjenengane kakunjara dening Sang
Prabu Pringon Nekho ana ing Ribla, ing tanah
Hamat, supaya ora ngasta paprentahan ing
Yerusalem, karo maneh nagara iku kawajibake
dening Sang Prabu Pringon mbayar dhendha
kehe satus talenta selaka lan sepuluh talenta
emas. 34 Sang Prabu Pringon Nekho banjur
njumenengake ratu Pangeran Elyakim, putrane
Sang Prabu Yosia, kang rama, sarta nyantuni
asmane dadi Yoyakim. Nanging Sang Prabu
Yoahas kabekta menyang ing Mesir lan bareng
wus rawuh ana ing kana, Sang Prabu banjur
seda. 35 Sang Prabu Yoyakim nyaosi emas
lan selaka mau marang Sang Prabu Pringon,
nanging supaya bisa nyaosi dhuwit samono
iku, Sang Prabu narik pajeg saka ing nagara,
iku miturut dhawuhe Sang Prabu Pringon.
Kang dipundhuti emas lan selaka iku rakyat
ing nagara, saben wong manut kehing pajeg
kang ditetepake kang bakal kacaosake marang
Sang Prabu Pringon Nekho.

Sang Prabu Yoyakim, ratu ing Yehuda

23:36--24:7

2Bb 36:5-8

36 Pangeran Yoyakim yuswa selawe taun
nalika jumeneng ratu, dene anggone ngasta
paprentahan ing Yerusalem lawase sawelas
taun. Kang ibu asma Zebuda, putri putrane
Sang Pedaya, saka ing Ruma. 37 Sang Nata
nglampahi apa kang ala ana ing paningaling

Sang Yehuwah, padha kaya kang katindakake
dening para leluhure.

24 1 Nalika jamane Sang Prabu Yoyakim
iku, Sang Prabu Nebukadnezar, ratu ing
Babil nglurugi perang. Sang Prabu Yoyakim
katelukake lan banjur dadi kawulane lawase
telung taun, nanging ing pamburine Sang
Prabu Yoyakim mbalik mbalela marang
panjenengane. 2 Pangeran Yehuwah tumuli
ndhatengake grombolan-grombolan saka
ing tanah Kasdim, saka ing Aram, saka ing
Moab lan grombolan-grombolan bani Amon,
kang padha nglawan Sang Prabu Yoyakim.
Pangeran Yehuwah kang ngutus iku kabeh
supaya nglawan lan nyirnakake Yehuda,
ngetrepi pangandikaning Sang Yehuwah kang
wus kalairake lumantar para abdine, yaiku
para nabi. 3 Iki tumanduke marang Yehuda
nyata-nyata cundhuk kalawan pangandikaning
Sang Yehuwah anggone bakal nyingkirake
wong-wong mau kabeh saka ing ngarsane
marga saka dosa-dosane Sang Prabu Manasye,
wis murwat karo sakehing panggawene,
4 lan marga saka getih kang ora luput kang
wus kawutahake, awit Sang Nata wis damel
Yerusalem kebak getihe wong kang ora luput,
lan iku Pangeran Yehuwah ora karsa ngapura.

5 Anadene kekarene riwayate Sang Prabu
Yoyakim lan sakehe pandamele, iku kabeh
rak wus katulisan ana ing buku sejarahe para
ratu ing Yehuda. 6 Sang Prabu Yoyakim tumuli
kepareng ngaso nunggil kalawan para leluhure,
dene Pangeran Yoyakhin kang putra banjur

jumeneng ratu nggentosi panjenengane.
7 Dene ratu ing Mesir ora miyos nglurug perang
saka ing nagarane maneh, sabab ratu ing Babil
wus ngrebut sakehe wewengkon kang klebu
wilayahe Sang Nata ing Mesir, wiwit saka ing
kali Mesir nganti tumeka ing bengawan Efrat.

Sang Prabu Yoyakhin, ratu ing Yehuda

24:8-17

2Bb 36:9-10

8 Pangeran Yoyakhin nalika jumeneng ratu iku
yuswane wolulas taun, dene anggone ngasta
paprentahan ana ing Yerusalem suwene telung
sasi. Kang ibu asma Nehusta, putri putrane
Sang Elnatan, saka ing Yerusalem. 9 Sang Nata
nglampahi apa kang ala ana ing paningaling
Yehuwah padha kaya kang katindakake
kang rama. 10 Ing nalika iku para abdine
Sang Prabu Nebukadnezar, ratu ing Babil,
nempuh Yerusalem sarta kutha iku banjur
kakepung. 11 Sang Prabu Nebukadnezar,
ratu ing Babil, uga rawuh lan nempuh kutha
iku, nalika para abdine lagi padha ngepung.
12 Sang Prabu Yoyakhin, ratu ing Yehuda,
nuli miyos manggihi Sang Nata ing Babil,
panjenengane piyambak, kang ibu, para
punggawane, para panggedhene lan para
abdine ing kedhatone. Sang Prabu banjur
kacepeng dening Sang Nata ing Babil, ing taun
kang kaping wolune ing jaman paprentahane.
13 Sang Prabu Nebukadnezar nuli mundhuti
sakehe barang ing pasimpenane padalemaning

Sang Yehuwah lan barang-barang ing
pasimpenaning kraton; emasing sakehe prabot
yasane Sang Prabu Suleman, ratu ing Israel,
kang ana ing padalemaning Sang Yehuwah,
padha diklentheki kabeh, ngetrepi apa kang
wus kapangandikakake dening Pangeran
Yehuwah. 14 Sabanjure wong kang manggon
ing Yerusalem padha diboyongi kabeh
diparakake marang ing pambuwangan, dalah
sakehe panggedhe lan prawira kang gagah
prakosa; cacahe tawanan ana sepuluh ewu,
mangkono uga sakehe tukang lan pandhe;
ora ana kang dikarekake, kajaba mung para
wong kang kagolong rakyat jembel. 15 Sang
Prabu Yoyakhin kapurugake marang ing
pambuwangan ing Babil, uga kang ibu, para
garwane Sang Nata, para abdi ing kedhatone
lan para panggedhe ing nagara kono, iku
padha kaboyongan dadi wong buwangan saka
ing Yerusalem menyang ing Babil. 16 Sakehe
wong kang gagah prakosa, cacahe pitung
ewu, para tukang lan pandhe, cacahe sewu,
sakehe wong prawira kang kendel ing perang,
iku kabeh padha kaboyongan dening Sang
Nata ing Babil, kabuwang menyang ing Babil.
17 Sang Nata ing Babil banjur njumenengake
ratu Sang Matanya, kang paman Sang Prabu
Yoyakhin, nggentosi panjenengane, sarta
nyantuni asmane Sang Matanya dadi Zedhekia.

Sang Prabu Zedhekia, ratu ing Yehuda. Karajan Yehuda ambruk

24:18--25:21

2Bb 36:11-21 Ym 39:1-10, 52:1-30

18 Pangeran Zedhekia nalika jumeneng ratu
iku yuswane selikur taun, dene anggone
ngasta paprentahan ing Yerusalem lawase
sewelas taun. Kang ibu asmane Hamutal,
putri putrane Sang Yeremia, saka ing Libna.
19 Sang Prabu nindakake apa kang ala ana
ing paningaling Sang Yehuwah, plek kaya
kang dilampahi dening Sang Prabu Yoyakim.
20 Awit marga saka dukane Pangeran Yehuwah,
bab iku mau tumanduk marang Yerusalem
lan Yehuda, yaiku bab anggone padha
kasingkirake dening Pangeran Yehuwah saka
ing pangayunane.

Kacarita Sang Prabu Zedhekia mbalela
marang Sang Nata ing Babil.

25 1 Mulane nalika ing taun kang kaping
sangane jaman paprentahane, ing
sasi kang kaping sepuluh, ing tanggal
kaping sepuluh ing sasi iku, Sang Prabu
Nebukadnezar, ratu ing Babil, rawuh
kadherekake ing wadya-balane kabeh lan
banjur nempuh Yerusalem. Sang Nata nuli
makuwon lan dhawuh ngepung kutha iku
sarta ngedegake tembok pangepungan ing
sakubenge. 2 Kaya mangkono anggone kutha
mau kakepung nganti ing taun kang kaping
sawelase jamane Sang Prabu Zedhekia. 3 Ing

nalika tanggal kaping sanga sasi kang kaping
pat, bareng pailan wus ngamuk nggegirisi
ana ing kutha kono lan rakyat ing kono wus
kentekan pangan, 4 temboking kutha kabobol
lan sakehing wadya-bala ing wayah tengah
wengi padha lumayu liwat ing gapura ing
antarane tembok loro kang ana ing sacedhake
patamanan kraton, sanadyan wong Kasdim
padha ngepung ing sakubenge kutha mau.
Wong-wong mau padha lumayu menyang
ing Araba-Yordan. 5 Nanging wadya-bala
ing Kasdim padha ngoyak Sang Prabu, lan
kacepeng ana ing tanah warata ing Yerikho,
sakehe wadya-balane wus padha bubar buyar
ninggal panjenengane. 6 Sang Prabu bareng
wus kacepeng nuli kaaturake marang ing
ngarsane Sang Nata ing Babil ana ing Ribla,
kang banjur ndhawahake paukuman marang
panjenengane. 7 Para putrane Sang Prabu
Zedhekia padha disembelehi ana ing ngarsane.
Sawuse mangkono Sang Prabu Zedhekia
kadamel wuta paningale, banjur kablenggu
kalawan rante tembaga lan katawan menyang
ing Babil.
8 Kacarita ing sasi kang kalima ing tanggal
kaping pitu ing sasi iku -- iku taun kang
kaping sangalase jamane Sang Prabu
Nebukadnezar, ratu ing Babil -- Sang
Nebuzaradan, panggedhening wadya-bala
tamtama, punggawane Sang Nata ing Babil,
rawuh ing Yerusalem, 9 banjur mbesmi
padalemaning Pangeran Yehuwah, kadhaton
lan sakehing omah ing Yerusalem; daleming

para panggedhe padha kaobong ing geni.
10 Tembok ing sakubenge kutha Yerusalem
karubuhake dening wadya-bala ing Kasdim
kang ana, bebarengan karo panggedhening
prajurit tamtama mau. 11 Kekarening rakyat
kang isih ana ing kutha kono lan para
wong kang mbalik mbiyantu Sang Nata ing
Babil sarta kekarening masyarakat padha
kaparakake marang ing pambuwangan
dening Sang Nebuzaradan, panggedhening
wadya-bala tamtama mau. 12 Mung ana wong
kang mlarat sawatara kang dikarekake ana ing
nagara kono dening panggedhening prajurit
tamtama iku, kareben padha dadi tukang
kebon anggur lan dadi wong tani.
13 Uga saka-saka tembaga ing padalemaning
Sang Yehuwah lan kretan panuwak sarta
segaran tembaga kang ana ing padalemaning
Sang Yehuwah padha dipecahi dening wong
Kasdim, dene tembagane digawa menyang
ing Babil. 14 Kwali-kwali, sorok-sorok,
lading-lading lan piring-piring sarta sakehing
piranti tembaga kang kanggo nindakake tata
pangibadah, padha dijupuki, 15 uga padupan-
padupan lan bokor-bokor panyiraman, kang
emas utawa kang selaka, iku padha dibektani
dening panggedhening prajurit tamtama
mau. 16 Dene saka loro-lorone, segaran siji
lan kretan-kretanan panuwak yasane Sang
Prabu Suleman kanggo ing padalemaning
Sang Yehuwah, sakehe barang-barang iku
tembagane nganti ora kena katimbang. 17 Saka
kang siji dhuwure wolulas asta, ing dhuwure

ana krebil tembaga; dhuwure krebil iku telung
asta lan nam-namane lan tetironing woh dlima
kang ana ing sadhuwure krebil mubeng, iku
kabeh uga tembaga. Lan kaya mangkono uga
saka sijine dalasan nam-namane.
18 Panggedhening wadya-bala tamtama mau
banjur nyepeng Sang Seraya, imam-agung,
lan Zefanya, imam pangkat loro lan para kang
jaga lawang telu. 19 Punggawa kraton ing
kutha kono kang diangkat dadi panggedhening
wadya-bala, abdi peladose pribadi Sang
Nata kang ana ing kutha kono cacahe lima,
sekretarising panggedhene wadya-bala
kang nglumpukake rakyat kadadekake
prajurit sarta wong saka ing satengahing
rakyat ing nagara kono cacah sawidak, iku
padha ditangkep kabeh. 20 Wong-wong mau
padha dicekeli dening Sang Nebuzaradan,
panggedhening wadya-bala tamtama, banjur
padha disebakake marang ing ngarsane Sang
Nata ing Babil, ana ing Ribla. 21 Sang Nata ing
Babil tumuli dhawuh mateni wong-wong mau
ana ing Ribla, ing tanah Hamat. Iya mangkono
iku anggone wong Yehuda padha kaboyongan
saka ing tanahe kaparakake marang ing
pambuwangan.

Sang Gedalya jumeneng gupernur lan disedani

25:22-26

Ym 40:5--41:18

22 Sang Prabu Nebukadnezar, ratu ing Babil
banjur ngangkat Sang Gedalya bin Ahikam
bin Safan dadi panggedhe kang ngereh rakyat
kang isih kari ana ing tanah Yehuda, kang
dikarekake dening Sang Prabu.
23 Bareng
para panggedhening wadya-bala padha
mireng, manawa Sang Nata ing Babil wus
misuda Sang Gedalya, banjur padha murugi
Sang Gedalya, menyang ing Mizpa, yaiku
Sang Ismael bin Netanya, Sang Yohanan
bin Kareah, Sang Seraya bin Tankhumet,
saka ing Netofa, lan Sang Yaasanya, putrane
priyayi ing Maakha, kadherekake dening
wadya-balane.
24 Sang Gedalya tumuli supaos
marang para panggedhe lan marang para
wadya-balane: "Kowe aja padha wedi marang
para punggawa ing Kasdim; padha tetepa
manggon ana ing nagara kene lan sumuyuda
marang Sang Nata ing Babil, temah bakal
padha slamet."
25 Nanging ing sasi kang kapitu
Sang Ismael bin Netanya bin Elisama, kang
isih trahing ratu, kalawan kadherekake ing
wong sepuluh, tindak murugi Sang Gedalya,
kang banjur disedani, samono uga para
wong Yehuda lan para wong Kasdim kang
padha ndherek panjenengane ana ing Mizpa.
26 Sawuse mangkono rakyat kabeh, wiwit

kang cilik nganti kang gedhe, dalasan para panggedhening wadya-bala padha budhal ngungsi menyang ing Mesir, awit padha wedi marang wong Kasdim.

Sang Prabu Yoyakhin manggih sih-piwelas

25:27-30

Ym 52:31-34

27 Kacarita ing taun kang kaping telung puluh
pitu sawuse Sang Prabu Yoyakhin, ratu ing
Yehuda kabucal, ing sasi kang kaping rolas,
ing tanggal kaping pitulikur ing sasi iku, Sang
Prabu Ewil-Merodakh, ratu ing Babil, nalika
ing taun jumenenge ratu, paring sih-piwelas
marang Sang Prabu Yoyakhin, ratu ing Yehuda,
yaiku banjur kaluwaran saka ing pakunjaran.
28 Sang Prabu Ewil-Merodakh ngandika marang
panjenengane kalawan grapyak, lan maringi
kalenggahan marang panjenengane, ngluwihi
para ratu kang bebarengan karo panjenengane
ana ing Babil.
29 Panjenengane diparengake
lukar pangageman pakunjaran lan dhahar ana
ing ngarsane Sang Nata ing sajege sugenge.
30 Dene dhahare ajeg lumintu kaparingan
dening Sang Nata, sapira betahe ing saben
dinane, ing sajege sugenge.

1 BABAD

Daftar turune Rama Adam tekan Rama Abraham

1:1-27

Pd 5:1-32, 10:1-32, 11:10-26

1 1 Rama Adam, Set, Enos, 2 Kenan,
Mahalaleel, Yared, 3 Henokh, Metusalakh,
Lamekh, 4 Nuh, Sem, Kham lan Yafet.
5 Turune Rama Yafet yaiku Gomer, Magog,
Madai, Yawan, Tubal, Masekh lan Tiras.
6 Turune Gomer yaiku Askenas, Difat lan
Togarma. 7 Turune Yawan yaiku Elisa, Tarsis,
wong Kitim lan wong Rodanim.
8 Turune Rama Kham yaiku Kusy, Misraim,
Put lan Kanaan. 9 Turune Rama Kusy yaiku
Seba, Hawila, Sabta, Raema lan Sabtekha;
turune Rama Raema yaiku Syeba lan Dhedan.
10 Rama Kusy peputra Nimrod; iki kang miwiti
kwasa ana ing bumi. 11 Rama Misraim peputra
wong Ludim, wong Anamim, wong Lehabim,
wong Naftukhim, 12 wong Patrusim, wong
Kaslukhim -- iki kang padha nurunake wong
Filisti -- lan wong Kaftorim. 13 Rama Kanaan
peputra Sidon, putrane kang pambajeng
lan Het, 14 sarta wong Yebusi, wong Amori,
wong Girgasi, 15 wong Hewi, wong Arki, wong
Sini, 16 wong Arwadi, wong Semari lan wong
Hamati.

[17] Turune Rama Sem yaiku Elam, Asyur,
Arpakhsad, Lud, Aram, Us, Hul, Geter, lan
Mesekh. [18] Rama Arpakhsad peputra Selah,
lan Rama Selah peputra Eber. [19] Rama Eber
kagungan putra kakung loro, kang siji asmane
Peleg, sabab nalika jaman sugenge, bumi
kabagi. Dene kang rayi asmane Yoktan.
[20] Rama Yoktan peputra Almodad, Selef,
Hazarmawet, Yerakh, [21] Hadoram, Uzal, Dikla,
[22] Ebal, Abimael, Syeba, [23] Ofir, Hawila lan
Yobab; iku kabeh putrane Rama Yoktan.
[24] Rama Sem, Arpakhsad, Selah, [25] Eber,
Peleg, Rehu, [26] Serug, Nahor, Terakh, [27] Abram,
yaiku Rama Abraham.

Tedhak-turune Rama Abraham

1:28-33

Pd 25:1-6, 12-18

[28] Para putrane Rama Abraham yaiku Rama
Iskak, lan Rama Ismael. [29] Iki para tedhak
turune: Putrane pambajeng Rama Ismael
yaiku Nebayot, banjur Kedar, Adbeel, Mibsam,
[30] Misyma, Duma, Masa, Hadad, Tema,
[31] Yetur, Nafisy lan Kedma; iku para putrane
Rama Ismael.
[32] Turune ibu Ketura, garwa ampile Rama
Abraham: Ibu Ketura iku peputra Zimran,
Yoksan, Medan, Midian, Isybak lan Suah.
Para putrane Rama Yoksan yaiku Syeba lan
Dhedhan. [33] Para putrane Midian yaiku: Efa,
Efer, Hanokh, Abida lan Eldaa. Iku kabeh
padha turune Ibu Ketura.

Tedhak-turune Rama Esau

1:34-42

Pd 36:1-28

34 Rama Abraham peputra Rama Iskak.
Rama Iskak peputra Rama Esau lan Rama
Israel. 35 Para putrane Rama Esau yaiku Elifas,
Rehuel, Yeusy, Yaelam lan Korakh. 36 Para
putrane Rama Elifas yaiku Teman, Omar, Zefi,
Gaetam, Kenas, Timna lan Amalek. 37 Para
putrane Rama Rehuel yaiku Nahat, Zerah,
Syama lan Miza. 38 Para putrane Rama Seir
yaiku Lotan, Syobal, Zibeon, Ana, Dhisyon,
Ezer lan Dhisyan. 39 Para putrane Rama Lotan
yaiku Hori lan Homam; Rama Lotan kagungan
rayi estri, asma Timna. 40 Para putrane Rama
Syobal yaiku Alyan, Manahat, Ebal, Syefi lan
Onam; para putrane Rama Zibeon yaiku Aya
lan Ana, 41 kang nurunake Rama Dhisyon; para
putrane Rama Dhisyon yaiku Hamran, Esyban,
Yitran lan Kheran. 42 Para putrane Rama Ezer
yaiku Bilhan, Zaawan lan Yaakan. Para putrane
Rama Dhisyan yaiku Us lan Aran.

Para kang ngasta paprentahan ing Edom

1:43-54

Pd 36:29-43

43 Iki para ratu kang padha ngasta
paprentahan ana ing tanah Edom, sadurunge
Israel kaereh dening ratu: Sang Prabu Bela
bin Beor, lan kuthane jenenge Dinhaba.

44 Bareng Sang Prabu Bela seda, Sang Yobab
bin Zerah saka ing Bozra, jumeneng ratu
nggentosi panjenengane. 45 Sasedane Sang
Prabu Yobab, Sang Husyam, saka ing nagarane
wong Teman, jumeneng ratu nggentosi
panjenengane. 46 Sawuse Sang Prabu Husyam
seda, Sang Hadad bin Bedad jumeneng ratu
nggentosi panjenengane; iya panjenengane
iku kang ngawonake wong Midian ana ing
dhaerah Moab, lan kuthane jenenge Awit.
47 Bareng Sang Prabu Hadad seda, Sang
Samla, saka ing Masyreka jumeneng ratu
nggentosi panjenengane. 48 Sawuse Sang
Prabu Samla seda, Sang Saul saka ing
Rehobot-Kali, jumeneng ratu nggentosi
panjenengane. 49 Sasedane Sang Prabu Saul,
Sang Baal-Hanan bin Akhbor jumeneng ratu
nggentosi panjenengane. 50 Bareng Sang
Prabu Baal-Hanan seda Sang Hadad jumeneng
ratu nggentosi panjenengane, dene kuthane
jenenge Pahi, kang garwa asma Mehetabeel
putra putrine Sang Matred, putra putrine Sang
Mezahab. 51 Sawuse Sang Prabu Hadad seda,
kang dadi kepala-kepalane golongan ing Edom
yaiku: Sang Timna, Alya, Yetet, 52 Oholibama,
Ela, Pinon, 53 Kenas, Teman, Mibzar, 54 Magdiel
lan Iram. Yaiku kang padha dadi kepala-kepala
golongan ing Edom.

Para tedhak-turune Rama Yehuda

2:1-55

2 [1] Iki para putrane Rama Israel: Rama
Ruben, Simeon, Lewi, Yehuda, Isakhar,
Zebulon, [2] Dhan, Yusup, Benyamin, Naftali,
Gad lan Asyer.
[3] Para putrane Rama Yehuda yaiku Er, Onan
lan Syela, dadine telu, iku miyos saka putrane
putri Sang Syua, priyayi Kanaan. Nanging Er,
putrane Rama Yehuda kang pambajeng, iku
ora becik ana ing paningaling Sang Yehuwah,
mulane banjur dipejahi dening Pangeran
Yehuwah [4] Ibu Tamar, mantune Rama Yehuda,
peputra Peres lan Zerakh. patutan karo
panjenengane. Dadine putrane Rama Yehuda
iku kabeh ana lima.
[5] Para putrane Rama Peres yaiku Hezron
lan Hamul. [6] Para putrane Rama Zerakh
yaiku Zimri, Etan, Heman, Kalkol lan Dara,
kabeh lima. [7] Turune Rama Karmi yaiku
Akhar, kang gawe cilakane wong Israel,
amarga ora ngugemi marang dhawuh ing
bab barang-barang kang kabengkas. [8] Turune
Rama Etan yaiku Azarya. [9] Para putrane Rama
Hezron yaiku Yerakhmeel, Ram lan Khelubai.
[10] Rama Ram peputra Aminadab, lan Rama
Aminadab peputra Nahason, panggedhene
bani Yehuda. [11] Rama Nahason peputra Salma
lan Ram Salma peputra Boas. [12] Rama Boas
peputra Obed lan Rama Obed peputra Isai.
[13] Rama Isai peputra Eliab, iku pambajenge,

banjur Aminadab, panggulune, Simea, kang
angka telu, 14 Netaneel, kang angka papat,
Radai kang angka lima. 15 Ozem, kang angka
nem, tumuli Sang Prabu Dawud, putra kang
angka pitu. 16 Anadene para sadhereke estri
yaiku Zeruya lan Abigail. Para putrane Ibu
Zeruya yaiku Abisai, Yoab lan Asael, dadi telu.
17 Ibu Abigail peputra Amasa, dene ramane
Amasa iku Yeter, wong Ismael.

18 Rama kaleb bin Hezron peputra Yeriot,
patutan karo Ibu Azuba, garwane; dene
para putrane putri yaiku Yesyer, Sobab lan
Ardon. 19 Bareng Ibu asuba wus seda, Rama
kaleb krama oleh Ibu Efrat kang peputra Hur.
20 Rama Hur peputra Uri, lan Rama Uri peputra
Bezaleel.

21 Sawuse mangkono Rama Hezron krama
oleh putrane estri Rama Makhir, ramane
Gilead. Nalika krama oleh wanita iku,
panjenengane wus yuswa sawidak taun. Iku
banjur peputra Rama Segub. 22 Rama Segub
peputra Yair, kang ndarbeni padesan telulikur
ana ing tanah Gilead. 23 Nanging Hawot-Yair
banjur karebut dening Gesur lan Aram,
samano uga Kenat lan desa-desa kang klebu
ing wewengkone kono, gunggung padesan
sawidak. Iku kabeh para turune Rama Makhir,
ramane Gilead. 24 Sawuse Rama Hezron seda,
Rama Kaleb tumuli nggarwa Ibu Efrata --
garwane Rama Hezron -- Ibu Efrata iku banjur
peputra Asyhur, ramane Tekoa.

25 Para putrane Rama Yerahmeel, putrane
pambajeng Rama Hezron, yaiku Ram, iki kang

pambajeng, banjur Buna, Oren, Ozem lan
Ahia. 26 Nanging Rama Yerahmeel kagungan
garwa liyane kang asma Atara, iku peputra
Onam. 27 Para putrane Rama Ram, putrane
pambajeng Rama Yerahmeel, yaiku Maas,
Yamin lan Eker. 28 Para putrane Rama Onam
yaiku Samai lan Yada, dene Rama Samai
peputra Nadab lan Abisur. 29 Garwane Rama
Abisur asma Abigail, kang peputra Akhban lan
Molid. 30 Para putrane Rama Nadab yaiku Seled
lan Apaim; Rama Seled seda ora peputra.
31 Rama Apaim peputra Yesei, dene Rama Yesei
peputra Sesan, sarta Rama Sesan peputra
Akhlai. 32 Rama Yada, rayine Rama Samai
peputra Yeter lan Yonatan. Rama Yeter seda
ora peputra. 33 Para putrane Rama Yonatan
yaiku Pelet lan Zaza. Iku para turune Rama
Yerahmeel.

34 Putrane Rama Sesan ora ana kang kakung,
kabeh putri, nanging Rama Sesan kagungan
abdi lanang, wong Mesir, jenenge Yarha.
35 Rama Sesan nuli maringake putrane marang
Yarha, abdine mau, dadi somahe, iku banjur
peputra Atai. 36 Rama Atai peputra Natan, lan
Rama Natan peputra Zabad. 37 Rama Zabad
peputra Eflal lan Rama Eflal peputra Obed.
38 Rama Obed peputra Yehu, lan Rama Yehu
peputra Azarya 39 Rama Azarya peputra Heles,
lan Rama Heles peputra Elasa. 40 Rama Elasa
peputra Sismai, lan Rama Sismai peputra
Salum. 41 Rama Salum peputra Yekamya lan
Rama Yekamya peputra Elisama.

[42] Para turune Rama Kaleb, rayine Rama
Yerahmeel, yaiku Mesa, pambajenge, ramane
Zif, lan para putrane Rama Maresa, ramane
Hebron. [43] Para putrane Rama Hebron yaiku
Korakh, Tapuah, Rekem, lan Sema. [44] Rama
Sema peputra Raham, ramane Yorkeam, dene
Rama Rekem peputra Samai. [45] Putrane Rama
Samai yaiku Maon, lan Rama Maon iku peputra
Bet-Zur. [46] Ibu Efa, garwa ampile Rama Kaleb,
peputra Haran, Mosa lan Gazes; Rama Haran
peputra Gazes. [47] Para putrane Rama Yohdai
yaiku Regem, Yotam, Gesan, Pelet, Efa lan
Saaf. [48] Ibu Maakha, garwa ampile Rama
Kaleb, peputra Seber lan Tirhana. [49] Ibu
Maakha uga peputra Saaf, ramane Madmana
lan Sewa, ramane Makhbena lan ramane
Gibea. Putrane Rama Kaleb kang putri asma
Akhsa. [50] Iku kabeh turune Rama Kaleb.

Para putrane Rama Hur, putra pambajenge
Ibu Efrata, yaiku Sobal, ramane Kiryat-Yearim,
[51] Rama Salma, ramane Betlehem lan Haref,
ramane Bet-Gader. [52] Turune Rama Sobal,
ramane Kiryat-Yearim, yaiku Haroe lan
saparone wong Menukhot. [53] Anadene kang
kagolong gotrah Kiryat-Yearim yaiku wong
Yetri, wong Puti, wong Sumati lan wong
Misrai lan iya saka iku asale wong Zora lan
wong Esytaol. [54] Turune Rama Salma yaiku
Betlehem, wong Nefota, Atarot-Bet-Yoab lan
saparone wong Manakhti yaiku wong Zori.
[55] Anadene gotrah-gotrahe para ahli tulis kang
padha manggon ing Yabes, yaiku wong Tirati,
wong Simati lan wong Sukhati. Iku kabeh

padha wong Keni turune Hamat, leluhure bani
Rekhab.

Para tedhak-turune Sang Prabu Dawud

3:1-24

3 [1] Iki para putrane Sang Prabu Dawud kang
miyos ana ing Hebron: kang pambajeng
yaiku Pangeran Amnon, kang ibu asma
Ahinoam, saka ing Yizreel; kang angka loro
yaiku Pangeran Dhaniel, kang ibu asma
Abigail, saka ing Karmel; [2] putra kang angka
telu Pangeran Absalom, kang ibu asma
Maakha, putri putrane Sang Prabu Talmai, ratu
ing Gesur; putra kang angka papat Pangeran
Adhonia, kang ibu asma Hagit; [3] putra angka
lima Pangeran Sefaca, kang ibu asma Abital;
putra kang angka nem Pangeran Yitream,
patutan karo kang garwa, kang asma Egla.
[4] Putra enem iki miyose ana ing kutha Hebron,
panggonan nalika panjenengane ngasta
paprentahan lawase pitung taun nem sasi;
dene anggone ngasta paprentahan ana ing
Yerusalem lawase telung puluh telu taun.
[5] Iki para putrane kang miyos ana ing
Yerusalem: Pangeran Simea, Pangeran Sobab,
Pangeran Natan lan Pangeran Suleman, putra
papat iku miyos saka Sang Putri Batsyua
binti Amiel, [6] nuli Pangeran Yibkhar, Pangeran
Elisama, Pangeran Elifelet, [7] Pangeran Nogah,
Pangeran Nefeg, Pangeran Yafia, [8] Pangeran
Elisama, Pangeran Elyada lan Pangeran
Elifelet, gunggunge sanga. [9] Iku kabeh

padha turune Sang Prabu Dawud, iku durung
kapetung para putra kang saka garwa ampil.
Sang putri Tamar iku sadhereke estri.
[10] Sang Prabu Suleman peputra Sang Prabu
Rehabeam, iki peputra Sang Prabu Abia; iki
peputra Sang Prabu Asa; iki peputra Sang
Prabu Yosafat; [11] iki peputra Sang Prabu
Yoram;iki peputra Sang Prabu Ahazia; iki
peputra Sang Prabu Yoas; [12] iki peputra Sang
Prabu Amasia; iki peputra Sang Prabu Azarya;
iki peputra Sang Prabu Yotam; [13] iki peputra
Sang Prabu Akhas; iki peputra Sang Prabu
Hizkia; iki peputra Sang Prabu Manasye;
[14] iki peputra Sang Prabu Amon; iki peputra
Sang Prabu Yosia. [15] Para putrane Sang Prabu
Yosia iku kang pambajeng asma Sang Prabu
Yohanan, putra kang angka loro yaiku Sang
Prabu Yoyakim, putra kang angka telu Sang
Prabu Zedhekia, lan putra kang angka papat
Pangeran Salum. [16] Putrane Sang Prabu
Yoyakim yaiku Sang Prabu Yekhonya, lan iki
peputra Pangeran Zedhekia.
[17] Para putrane Sang Prabu Yekhonya,
kang kinunjara iku, yaiku Pangeran Sealtiel,
[18] banjur Pangeran Malkhiram, Pangeran
Pedhaya, Pangeran Syenasar, Pangeran
Yekamnya, Pangeran Hosama lan Pangeran
Nedabya. [19] Para putrane Pangeran Pedhaya
asma Zerubabel tuwin Simei, lan putrane Sang
Zerubabel yaiku Mesulam lan Hananya; dene
Selomit iku sadhereke estri. [20] Banjur Hasuba,
Ohel, Berekhya, Hasaja lan Yusab-Hesed,
gunggung lima. [21] Para putrane Sang Hanaya

yaiku Pelaca lan Yesaya; iki peputra Refaya;
iki peputra Arnan; iki peputra Obaja; lan
iki peputra Sekhanya. 22 Para putrane Sang
Sekhanya yaiku Semaya, lan para putrane
Sang Semaya yaiku Hatus, Yigeal, Bariah,
Nearya lan Safat, gunggung enem. 23 Para
putrane Sang Nearya yaiku Elyoenai, Hizkia
lan Azrikam, gunggung telu. 24 Para putrane
Sang Elyoenai yaiku Hodawya, Elyasib, Pelaya,
Akub, Yohanan, Delaya lan Anani, gunggung
pitu.

Para putrane Rama Yehuda saka pang liyane

4:1-23

4 1 Para putrane Rama Yehuda yaiku Peres,
Hezron, Karmi, Hur, lan Syobal. 2 Rama
Syobal peputra Reaya, kang peputra Yahat,
lan Rama Yahat peputra Ahumai lan Lahad.
Iku gotrah-gotrahe wong Zora.
3 Iki para putrane Rama Etam: Yizreel,
Isma lan Idbas; sadhereke estri asmane
Hazelelponi; 4 nuli Pnuel, ramane Gedor, lan
Ezer, ramane Husa. Iku kabeh para turune
Hur, pambarepe Efrata, ramane Betlehem.
5 Rama Asyur, ramane Tekoa, garwane loro,
yaiku Hela lan Naara. 6 Ibu Naara peputra
Ahuzam, Hefer, Temeni lan wong Ahastari.
Iku para putrane Ibu Naara. 7 Para putrane
Ibu Hela yaiku Zeret, Yezohar lan Etnan.
8 Rama Kos peputra Anub, Hazobeba, lan
gotrah-gotrahe Aharhel bin Harum.

9 Rama Yabes iku kang mulya dhewe ana
ing antarane para sadhereke; mulane kang
ibu maringi asma Yabes, awit pangandikane:
"Anggonku nglairake dheweke iku kalawan
ngrasakake lara." 10 Rama Yabes iku nyebat
marang Gusti Allahe Israel, unjuke: "Paduka
mugi karsaa paring berkah dhumateng
kawula ingkang ngantos luber saha mugi
karsaa njembaraken dhaerah kawula, punapa
dene mugi asta Paduka nganti kawula saha
karsaa nebihaken kawula saking kasangsaran,
satemah kawula lajeng boten katempuh ing
sesakit!" Anadene Gusti Allah karsa ngabulake
panyuwune iku.

11 Rama Kelub, sadhereke Rama Suha,
peputra Mokhir, ramane Eston; 12 lan Rama
Eston peputra Bet-Rafa, Paseakh lan Tehina,
ramane Ir-Nahas. Iku padha wong Rekha.

13 Para putrane Rama Kenas yaiku Otniel
lan Seraya; lan para putrane Rama Otniel
yaiku Hatat lan Meonotai; 14 dene Rama
Meonotai peputra Ofra. Rama Seraya peputra
Yoab, bapakne para kang manggon ing Lebak
Tukang, amarga kabeh padha dadi tukang.

15 Para putrane Rama Kaleb bin Yefune yaiku
Iru. Ela lan Naam; lan turune Rama Ela yaiku
Kenas.

16 Para putrane Rama Yehaleleel yaiku Zif,
Zifa, Tireya lan Asareel.

17 Para putrane Rama Ezra yaiku Yeter,
Mered, Efer, lan Yalon. Iku para putra kang
miyos saka Sang Putri Bica, putra putrine Sang
Prabu Pringon kang kaparingake marang Rama

Mered dadi garwane. Sang Putri iku peputra
Miryam, Samai, lan Yisbah, ramane Estemoa.
18 Anadene garwane Rama Mered kang saka
ing tanah Yehuda, iku peputra Yered, ramane
Gedor lan Heber, ramane Sokho, lan Yekutiel,
ramane Zanoah.

19 Para putrane garwane Rama Hodia,
sadhereke estri Naham, yaiku Abu Kehila,
wong Garmi, lan Estemoa, wong Maakha.

20 Para putrane Rama Simon, yaiku: Amnon,
Rina, Benhanan lan Tilon. Para putrane Rama
Yisei yaiku Zohet lan Ben-Zohet.

21 Para turune Rama Sela, putrane Rama
Yehuda, yaiku Er, ramane Lekha, lan Lada
ramane Maresa, sarta para gotrah kang
pagaweane nenun bakal lena alus ana ing
Bet-Asybea, 22 tumuli Yokim lan para wong
Kozeba, sarta Yoas lan Saraf kang ngwasani
Moab lan ing tembe banjur bali mulih menyang
ing Betlehem; -- riwayat-riwayat iki wis kuna.
23 Iku kabeh padha dadi kundhi kang manggon
ing Netaim lan Gedera; wong-wong mau padha
manggon ana ing kono lan padha nindakake
pagawean kagem ratu.

Turune Rama Simeon

4:24-43

24 Para putrane Rama Simeon yaiku Nemuel,
Yamin, Yarib, Zerah lan Saul; 25 iki peputra
Salum; iki peputra Mibsam; iki peputra
Misma. 26 Turune Rama Misma yaiku Hamuel,
iki putrane; iki peputra Zakur; iki peputra

Simei. 27 Rama Simei iku putrane kakung
ana nembelas, lan kang putri enem; nanging
para sadhereke padha ora kagungan putra
akeh; gotrah iki kabeh wuwuhe ora akeh
kaya bani Yehuda. 28 Iku padha manggon
ana ing Bersyeba, Molada, Hazar-Sual,
29 Bilha, Ezem, Tolad, 30 Betuel, Horma,
Ziklag, 31 Bet-Markabot, Hazar-Susim, Bet-Biri
lan ing Saaraim. Iku kutha-kuthane nganti
tekan Sang Prabu Dawud jumeneng ratu.
32 Dene desa-desane yaiku; Etam, Ain, Rimon,
Tokhem lan Asan, gunggung ana padesan
lima; 33 uga sakehing dhukuhe ing sakubenge
padesan-padesan iku nganti tekan ing Baal.
Yaiku papan-papan kang dadi padunungane
sarta iku padha duwe sarasilah dhewe-dhewe.
34 Sabanjure Sang Mesobab, Yamlekh,
Yosa bin Amasia, 35 Yoel, Yehu bin Yosibya
Seraya bin Asiel, 36 Elyoenai, Yaakoba,
Yesohaya, Asaya, Adiel, Yesimiel, Benaya,
37 Ziza bin Sifei bin Alon bin Yedaya bin
Simri bin Semaya -- 38 panunggalane
wong-wong iki kang kasebutake asma-asmane
padha dadi panggedhene gotrah-gotrahe. Para
kulawargane padha dadi saya ngambra-ambra.
39 Mulane banjur padha ngalih nyedhaki Gedor,
nganti tekan ing sawetane lebak, golek
pangonan kanggo wedhus-wedhuse. 40 Padha
bisa oleh pangonan kang lemu lan prayoga;
nagara iku jembar lan tentrem sarta santosa;
wong kang padha manggon ing kono kang
luwih dhisik iku padha turune Rama Kham.
41 Para wong kang jenenge katulis iki anggone

mrono nalika jamane Sang Prabu Hizkia
ratu ing Yehuda, sarta padha nyirnakake
tarub-tarube wong Kham lan wong Meunim
kang tinemu ana ing kono lan banjur padha
ditumpes; kaya mangkono nganti tumeka
ing dina iki. Sawuse mangkono tumuli padha
ngejegi papan panggonane wong-wong
mau, jalaran ing kono ana pangonan
kanggo wedhus-wedhuse. 42 Saperangan,
panunggalane bani Simeon, kehe wong limang
atus padha ngalih menyang ing pangunungan
Seir. Kang dadi panggedhene yaiku Sang
Pelaca, Nearya, Refaya lan Sang Uziel, para
putrane Sang Yisei. 43 Kekarene wong Amalek
kang padha bisa oncat, disirnakake, banjur
padha manggon ing kono nganti ing dina iki.

Suku-suku kang padha ana ing sawetane bengawan Yarden

5:1-26

5 1 Para putrane Rama Ruben, pambajenge
Rama Israel. Iya panjenengane iku putra
pambajeng, nanging sarehne nglanggar
kasucening pasareane kang rama, mulane
haking pambarepe banjur kaparingake marang
tedhake Rama Yusuf, uga putrane Rama Israel
sanadyan ora kacathet ana ing sarasilah dadi
putra pambajeng. 2 Rama Yehuda iku pancen
ngluwihi para sadhereke, malah ana tedhake
kang jumeneng ratu, nanging wewenanging
pambarep kaparingake marang Rama Yusuf.
3 Para putrane Rama Ruben, pambajenge

Rama Israel, yaiku Henokh, Palu, Hezron lan
Karmi. 4 Turune Rama Yoel yaiku Semaya,
putrane; iki peputra Gog; iki peputra Simei;
5 iki peputra Mikha; iki peputra Reaya; iki
peputra Baal; 6 iki peputra Beera kang banjur
diangkut menyang ing pambuwangan dening
Sang Prabu Tilgat-Pilneser, ratu ing Asyur; iku
kang dadi panggedhening wong Ruben.
7 Para sadhereke manut gotrah-gotrahe, kaya
kang katulisan ing sarasilah manut turune,
yaiku Yeiel, iku panggedhene, banjur Zakharia,
8 lan Bela bin Azas bin Sema bin Yoel; iku kang
manggon ana ing Aroer lan kang wilayahe
nganti tekan ing Nebo lan Baal-Meon. 9 Lan
ing sisih wetan wilayahe nganti tekan ing
pinggire pasamunan, kang gumelar wiwit saka
ing bengawan Efrat, amarga raja-kayane wus
wuwuh akeh ana ing tanah Gilead. 10 Nalika
jamane Sang Prabu Saul padha andon perang
nglawan wong Hagri, bareng wong-wong iki
wus padha tumiba ana ing tangane, banjur
padha ngenggoni tarub-tarube wong-wong iku
ana ing wilayah sawetane Gilead kabeh.
11 Turune Rama Gad iku padha manggon
sandhing bani Ruben ana ing tanah Basan
nganti tekan ing Salkha. 12 Yoel kang dadi
kepalane lan Safam kang angka loro; uga
Yaenai lan Safat padha manggon ing Basan.
13 Para sadhereke manut kulawargane yaiku
Mikhael, Mesulam, Syeba, Yorai, Yakan, Ziya
lan Eber, gunggung ana pitu. 14 Iku para
putrane Rama Abihail bin Huri bin Yaroah bin
Gilead bin Mikhael bin Yesisai bin Yahdo bin

Bus. 15 Rama Ahi bin Abdiel bin Guni iku salah
sijining kepala kulawargane. 16 Iku padha
manggon ana ing Gilead ing tanah Basan
lan ing sakehing kutha wewengkone lan ing
sakehe tanah pangonan ing Saron nganti
tekan ing poncot-poncote. 17 Wong-wong mau
padha dipengeti kabeh ana ing sarasilah ing
jamane Sang Prabu Yotam, ratu ing Yehuda,
lan ing jamane Sang Prabu Yerobeam, ratu ing
Israel.

18 Panunggalane bani Ruben, wong Gad
lan saparone suku Manasye ana patang
puluh papat ewu pitung atus sewidak kang
sembada ing perang, wong kang prigel, kang
sikep tameng lan pedhang, sarta menthang
gandhewa apadene kang lanteh ing perang.
19 Iku padha andon perang nglawan wong
Hagri, Yetur, Nafisy lan Nedab. 20 Padha oleh
pambiyantu anggone nglawan wong-wong
mau, satemah wong Hagri dalah kabeh
kang padha ngrewangi padha kaulungake
marang ing tangane, amarga ing sajroning
perang iku padha nyuwun tulung marang
Gusti Allah. Panyuwune banjur dikabulake,
awit padha kumandel marang Panjenengane.
21 Raja-kayane wong-wong mau padha diebeki
dadi jarahan: untane seket ewu, wedhuse
rong atus seket ewu lan kuldine rong ewu,
uga manungsa satus ewu jiwa. 22 Akeh wong
kang tiwas marga pinatenan, awit peperangan
iku saka Gusti Allah. Panggonane wong-wong
mau nuli padha diejegi nganti ing jaman
pambuwangan.

[23] Saparone suku Manasye manggon ing
nagara kono wiwit saka ing tanah Basan nganti
ing Baal-Hermon, Senir lan gunung Hermon.
Cacah-jiwane banjur wus dadi akeh. [24] Iki para
kepalaning kulawarga-kulawarga mau: Sang
Hefer, Yisei, Eliel, Azriel, Yeremia, Hodawya
lan Sang Yahdiel, para wong prawira kang
gagah-prakosa, para wong kang misuwur, para
kepalaning kulawarga-kulawargane.
[25] Nanging bareng wong-wong mau padha
ora setya marang Gusti Allahe para leluhure
lan laku jina kanthi patrap ngeloni sakehe
allahe bangsa-bangsa ing nagara kang wus
kasirnakake dening Gusti Allah saka ing
ngarepe, [26] Gusti Allahe Israel nuli nggigah
panggalihe Sang Prabu Pul, yaiku Sang Prabu
Tilgat-Pilneser, ratu ing Asyur, temah Sang
Nata iki banjur mboyongi wong-wong mau,
kaparakake marang ing pambuwangan, yaiku
para wong Ruben, wong Gad lan separone
suku Manasye. Iku padha diboyongi menyang
ing Halal, Habor, Hara lan ing kali ing nagara
Gozan. Mulane wong-wong mau padha ana ing
kana nganti ing dina iki.

Suku Lewi

6:1-30

6 [1] Para putrane Rama Lewi yaiku Gerson,
Kehat lan Merari. [2] Rama Kehat peputra
Amram, Yizhar, Hebron lan Uziel. [3] Para
putrane Rama Amram yaiku Rama Harun,

Nabi Musa lan Ibu Miryam. Para putrane Rama
Harun yaiku Nadab, Abihu, Eleazar lan Itamar.
4 Rama Eleazar peputra Pinehas; Rama
Pinehas peputra Abisua, 5 Rama Abisua
peputra Buki; Rama Buki peputra Uzi; 6 Rama
Uzi peputra Zerahya; Rama Zerahya peputra
Merayot; 7 Rama Merayot peputra Amarya;
Rama Amarya peputra Ahitub; 8 Rama Ahitub
peputra Zadhok; Rama Zadhok peputra
Ahimaas; 9 Rama Ahimaas peputra Azarya;
Rama Azarya peputra Yohanan; 10 Rama
Yohanan peputra Azarya; iku kang dadi imam
ana ing Padaleman Suci, yasane Sang Prabu
Sulaeman ana ing Yerusalem. 11 Rama Azarya
peputra Amarya; Rama Amarya peputra
Ahitub; 12 Rama Ahitub peputra Zadhok;
Rama Zadhok peputra Salum; 13 Rama Salum
peputra Hilkia; Rama Hilkia peputra Azarya;
14 Rama Azarya peputra Seraya; Rama Seraya
peputra Yozadak; 15 Rama Yozadak iki katut
diboyong nalika Pangeran Yehuwah marengake
wong Yehuda lan Yerusalem padha diangkat
marang ing pambuwangan dening Sang Prabu
Nebukadnezar.

16 Para putrane Rama Lewi yaiku Gerson,
Kehat, lan Merari. 17 Iki asmane para putrane
Rama Gerson: Libni lan Simei. 18 Para putrane
Rama Kehat yaiku Amram, Yizhar, Hebron lan
Uziel. 19 Para putrane Rama Merari yaiku Mahli
lan Musi.

Iki gotrah-gotrahe suku Lewi ing sajroning
kulawangsa-kulawangsane: 20 kang saka
Rama Gerson yaiku Libni, kang putra; dene iki

peputra Yahat; iki peputra Zima; [21] iki peputra
Yoah; iki peputra Ido; iki peputra Zerah; iki
peputra Yeatrai.
[22] Para putrane Rama Kehat yaiku: Aminadab;
iki peputra Korakh; iki peputra Asir; [23] iki
peputra Elkana; iki peputra Ebyasaf; iki
peputra Asir; [24] iki peputra Tahat; iki peputra
Uriel; iki peputra Uzia; iki peputra Saul.
[25] Rama Elkana peputra Amasai lan Ahimot,
[26] iki peputra Elkana; iki peputra Zofai; iki
peputra Nahat; [27] iki peputra Eliab; iki peputra
Yeroham; iki peputra Elkana. [28] Para putrane
Rama Samuel yaiku Yoel, iki pambajenge,
dene kang angka loro yaiku Abia. [29] Para
turune Rama Merari yaiku Mahli: iki peputra
Libni; iki peputra Simei; iki peputra Uza; [30] iki
peputra Simea; iki peputra Hagia; iki peputra
Asaya.

Penyanyi-penyanyi ing Padalemaning Sang Yehuwah

6:31-47

[31] Iki para wong kang diparingi bubuhan
dening Sang Prabu Dawud nuntun nyanyian
ana ing padalemaning Sang Yehuwah sawuse
pethi oleh papan pakendelan. [32] Anggone
leladi dadi penyanyi ana ing ngarepe Tarub
Suci, yaiku Tarub Pasewakan, nganti Sang
Prabu Suleman yasa padalemaning Sang
Yehuwah ana ing Yerusalem. Anggone nglakoni
kawajibane iku manut pranatane. [33] Iki
wong-wong kang padha kaparingan bubuhan

mau dalasan para anak-anake: saka bani
Kehat yaiku Heman. iku penyanyi, anake Yoel
bin Samuel [34] bin Elkana bin Yeroham bin
Eliel bin Toah [35] bin Zuf bin Elkana bin Mahat
bin Amasai [36] bin Elkana bin Yoel bin Azarya
bin Zefanya [37] bin Tahat bin Asir bin Ebyasaf
bin Korakh [38] bin Yizhar bin Kehat bin Lewi,
putrane Rama Israel.
[39] Kang nisihe ana ing tengene Asaf, sadulure
tunggal suku, yaiku Asaf bin Berekhya bin
Simea [40] bin Mikhael bin Baaseya bin Malkia
[41] bin Etani bin Zerah bin Adaya [42] bin Etan
bin Zima bin Simei [43] bin Yahat bin Gerson,
putrane Rama Lewi.
[44] Kang ana ing sisih kiwa panunggalane bani
Merari, para sadulur tunggal suku, yaiku Etan
bin Kisi bin Abdi bin Malukh [45] bin Hasabya
bin Amazia bin Hilkia [46] bin Amzi bin Bani bin
Semer [47] bin Mahli bin Musi bin Merari, putrane
Rama Lewi.

Turune Rama Harun

6:48-53

[48] Para sadulure tunggal suku, wong-wong
Lewi liyane, padha dipasrahi sakehe pagawean
ing Tarub Suci, padalemaning Allah. [49] Nanging
Rama Harun lan para putrane kawajibane
ngobong kurban ing misbyah kurban obaran
lan ing misbyah pangobongan dupa, lan
nindakake sakehing pagawean ing pasucen
pinunjul sarta nganakake upacara-pirukun
kanggo wong Israel, ngetrepi apa kang

kadhawuhake dening Nabi Musa, abdining
Allah iku. 50 Iki para putrane Rama Harun:
Eleazar, putrane; iki peputra Pinehas; iki
peputra Abisua; 51 iki peputra Buki; iki peputra
Uzi; iki peputra Zerahya; 52 iki peputra
Merayot; iki peputra Amarya; iki peputra
Ahitub; 53 iki peputra Zadhok; iki peputra
Ahimaas.

Kutha-kuthane wong Lewi

6:54-81

Ys. 21:1-42

54 Iki papan padunungane manut papan-
papaning pakemahane ana ing wilayahe:
Tedhake Rama Harun, kang klebu gotrahe
wong Kehat, iku ketiban undhi kang kawitan
55 iku padha diwenehi Hebron ing tanah Yehuda
dalasan pangonan-pangonan ing saubenge,
56 nanging pategalane kutha kono sadesa-
desane wus kapasrahake marang Rama Kaleb
bin Yefune. 57 Tedhake Rama Harun padha
diwenehi kutha pangungsen Hebron, lan
Libna dalah pangonan-pangonane, sarta Yatir,
banjur Estemoa dalah pangonan-pangonane;
58 Hilen dalah pangonan-pangonane, Debir
dalah pangonan-pangonane, 59 Asan dalah
pangonan-pangonane lan Bet-Semes dalah
pangonan-pangonane; 60 lan saka suku
Benyamin: Geba dalah pangonan-pangonane,
Alemet dalah pangonan-pangonane tuwin
Anatot dalah pangonan-pangonane. Kutha-
kuthane kabeh ana telulas kang kabage-bage

ana ing antarane para gotrahe. 61 Anadene
saluwihe turune Rama Kehat mau, sawuse
kaundhi, tampa kutha sapuluh saka gotrahe
suku iku, yaiku saka suku Manasye, kang
saparo iku.
62 Turune Rama Gerson manut gotrah-gotrahe
diwenehi kutha telulas saka suku Isakhar,
suku Asyer, suku Naftali lan saka suku
manasye kang ana ing Basan. 63 Turune Rama
Merari manut gotrah-gotrahe sawuse kaundhi
diwenehi kutha rolas saka suku Ruben, saka
suku Gad lan saka suku Zebulon.
64 Dadine wong Israel menehi marang wong
lewi kutha-kutha mau dalah pangonan-
pangonane. 65 Wong-wong iku uga menehi
kalawan kaundhi kutha-kutha kang
kapratelakake jeneng-jenenge mau, saka suku
bani Yehuda, saka suku bani Simeon lan saka
suku bani Benyamin.
66 Gotrah-gotrah liyane saka turune Rama
Kehat, tampa kutha-kutha saka suku Efraim,
minangka dhaerahe, 67 yaiku diwenehi
kutha pangungsen Sikhem dalah pangonan-
pangonane ing pagunungan Efraim, banjur
Gezer lan pangonan-pangonane, 68 Yokmeam
dalah pangonan-pangonane, 69 Ayalon dalah
pangonan-pangonane lan Gat-Rimon dalah
pangonan-pangonane. 70 Sarta saka suku
Manasye kang saparone mau: Aner dalah
pangonan-pangonane, lan Bileam dalah
pangonan-pangonane. Dadi kutha-kutha mau
diwenehake marang gotrah-gotrah saluwihe
saka turune Rama Kehat.

71 Para turune Gerson tampa saka saparone
suku Manasye: Golan kang ana ing Basan
dalah pangonan-pangonane banjur Asytarot
dalah pangonan-pangonane; 72 saka suku
Isakhar: Kedesy dalah pangonan-pangonane:
Daberat dalah pangonan-pangonane, 73 Ramot
dalah pangonan-pangonane lan Anem
dalah pangonan-pangonane; 74 saka suku
Asyer: Masal dalah pangonan-pangonane,
Abdon dalah pangonan-pangonane,
75 Hukok dalah pangonan-pangonane
lan Rehob dalah pangonan-pangonane;
76 saka suku Naftali: Kedesy ing Galilea
dalah pangonan-pangonane, Hamon dalah
pangonan-pangonane lan Kiryataim dalah
pangonan-pangonane.
77 Turune Rama Merari saluwihe tampa
saka suku Zebulon: Rimono dalah
pangonan-pangonane lan Tabor dalah
pangonan-pangonane; 78 lan ana ing sabrange
bengawan Yarden ing sacedhake Yerikho,
ing sisih wetane bengawan Yarden, kang
diwenehake saka suku Ruben: Bezer ing
pasamunan dalah pangonan-pangonane,
Yahas dalah pangonan-pangonane, 79 Kedemot
dalah pangonan-pangonane lan Mefaat dalah
pangonan-pangonane; 80 sarta saka suku Gad:
Ramot ing Gilead dalah pangonan-pangonane,
Mahanaim dalah pangonan-pangonane,
81 Hesybon dalah pangonan-pangonane tuwin
Yaezer dalah pangonan-pangonane.

Suku-suku kekarene

7:1-40

7 [1] Para putrane Rama Isakhar yaiku Tola
lan Pua, Yasub lan Simeon, gunggung
papat. [2] Rama Tola peputra Uzi, Refaya, Yeriel,
Yakhmai, Yibsam lan Samuel, iki padha dadi
kepalaning turune Rama Tola, padha wong
prawira kang gagah prakosa; manut daftar
jamane Sang Prabu Dawud gunggunge turune
ana rolikur ewu nem atus. [3] Turune Uzi yaiku
Yizrahya, dene putrane Rama Yizrahya yaiku
Mikhael, Obaja, Yoel lan Yisia, gunggung
lima, kabeh padha dadi kepala. [4] Sangisore
manut daftar turune lan manut kulawangsane,
ana golongan-golongan prajurit kang cacahe
telung puluh enem ewu, awit bojone lan
anak-anake akeh. [5] Para sadulure tunggal
taler panunggalane gotrahe Rama Isakhar,
iku padha wong prawira kang gagah prakosa,
kabeh ana wolung puluh pitu ewu, kang padha
kacathetan ana ing sarasilah.

[6] Para putrane Rama Benyamin yaiku Bela,
Bekher lan Yediael, gunggung telu. [7] Para
putrane Rama Bela yaiku Ezbon, Uzi, Uziel,
Yerimot lan Iri, gunggung lima, padha dadi
kepala kulawangsa, padha wong prawira
kang gagah prakosa; kang padha kacathet
ing sarasilah ana rolikur ewu telung puluh
papat. [8] Para putrane Rama Bekher yaiku
Zemira, Yoas, Eliezer, Elyoenai, Omri, Yeremot,
Abia, Anatot lan Alemet, iku kabeh para

putrane Rama Bekher. [9] Kang padha kacathet
ing sarasilah, manut turune, kepala-kepala
kulawangsane, padha wong prawira kang
gagah prakosa, ana rong puluh ewu rong atus.
[10] Para turune Rama Yediael yaiku Bilhan lan
turune Rama Bilhan yaiku Yeusy, Benyamin,
Ehud, Kenaana, Zetan, Tarsis lan Ahisahar.
[11] Iku kabeh turune Rama Yediael, padha dadi
kepalane kulawangsane, padha wong prawira
kang gagah prakosa; wong kang sembada ing
perang ana pitulas ewu rong atus. [12] Anadene
Rama Supim lan Rama Hupim iku turune Rama
Ir; Rama Husim iku turune Rama Aher.

[13] Para putrane Rama Naftali yaiku Yahziel,
Guni, Yezer lan Salum; iku padha turune ibu
Bilha.

[14] Turune Rama Manasye yaiku Asriel, kang
miyos saka ampile wanita saka ing Aram;
iki peputra makhir, ramane Gilead. [15] Rama
Makhir mundhut garwa kanggo Hupim lan
Supim; asmane sadhereke estri iku Maakha.

Putrane kang angka loro yaiku Zelafead.
Rama Zelafead iku mung peputra putri.
[16] Nanging Ibu Maakha, garwane Rama Makhir
peputra kakung, kang diparingi asma Peresy;
sadhereke kakung yaiku Seres, kang nurunake
Ulam lan Rekem. [17] Turune Rama Ulam yaiku
Bedan. Iku turune Rama Gilead bin Makhir,
putrane Rama Manasye. [18] Sadhereke putri,
Ibu Molekhet, peputra Isyhod, Abiezer lan
Makhla. [19] Para putrane Rama Semida yaiku
Akhyan, Sekhem, Likhi lan Aniam.

[20] Turune Rama Efraim yaiku Sutelah, iki
nurunake Bered, iki nurunake Tahat, iki
nurunake Elada, iki nurunake Tahat, [21] iki
nurunake Zabad, iki nurunake Sutelah, banjur
Ezer lan Elad. Iku padha disedani dening
wong-wong ing Gad, kang lair ana ing nagara
kono, sabab padha ngrampas raja-kayane
wong-wong mau. [22] Rama Efraim, ramane,
sungkawa nganti pirang-pirang dina, temah
para sadhereke padha tilik nglipur. [23] Sawuse
mangkono panjenengane banjur nyareni
kang garwa, wasana kang garwa mbobot lan
peputra kakung, diparingi asma Beria, sabab
kulawargane wus ditempuh ing bilai. [24] Putrane
putri asma Seera; iku kang ngadegake
Bet-Horon-Ngare lan Bet-Horon-Tengger sarta
Uzen-Seera. [25] Putrane kakung Rama Beria
yaiku Refah, banjur Resef; iki nurunake Telah,
iki nurunake Tahan, [26] iki nurunake Ladan, iki
nurunake Amihud, iki nurunake Elisama, [27] iki
nurunake Nun, iki nurunake Yusak. [28] Tanah
kagungane lan kang didalemi yaiku Betel dalah
sawewengkone kabeh, Naaran ing sisih wetan,
lan Gezer dalah sawewengkone kabeh ing sisih
kulon, banjur Sikhem dalah sawewengkone
kabeh sarta Aya dalah sawewengkone kabeh,
[29] lan kang atapel-wates karo bani Manasye:
Bet-Sean dalah sawewengkone kabeh, Megido
dalah sawewengkone kabeh, Dhor dalah
sawewengkone kabeh. Para tedhake Rama
Yusuf, putrane Rama Israel padha manggon
ana ing dhaerah-dhaerah kono.

30 Para putrane Rama Asyer yaiku Yimna,
Yiswa lan Beria; sadhereke estri asma Serah.
31 Para putrane Rama Beria yaiku Heber lan
Malkiel; iki nurunake Birzait. 32 Rama Eber
nurunake Yaflet, Somer lan Hotam sarta Sua,
sadhereke estri. 33 Para turune Rama Yaflet
yaiku Pasakh, Bimbab lan Asywat. Iku para
turune Rama Yaflet. 34 Para putrane Rama
Semer yaiku Ahi, Rohga, Yehuba lan Aram.
35 Para putrane Rama Helem, sadhereke
kakung yaiku Rama Zofah, Yimna, Seles lan
Amal. 36 Para putrane Rama Zofah yaiku Suah,
Harnefer, Syual, Beri lan Yimra, 37 Bezer,
Hod, Sama, Silsa, Yitran lan Beera. 38 Para
putrane Rama Yeter yaiku Yefune, Pispa lan
Ara. 39 Para putrane Rama Ula yaiku Arah,
Haniel lan Rizya. 40 Iku kabeh tedhake Rama
Asyer, para kepalane kulawangsane, iku padha wong prawira gagah prakosa kang pilihan, para pemimpin linuwih. Gunggunge kang kacathetan ana ing sarasilahe dadi wadya-bala ana nemlikur ewu.

Daftar tedhake Rama Benyamin

8:1-28

8 1 Rama Benyamin peputra Bela, iku
pambajenge, Asybel kang angka loro,
Ahrah kang angka telu, 2 Noha kang angka
papat, lan Rafa kang angka lima. 3 Rama Bela
peputra Adar, Gera, Abihud, 4 Abisua, Naaman,
Ahoah, 5 Gera, Sefufan lan Huram. 6 Iki para
turune Rama Ehud -- iku padha dadi kepala-

kepalaning kulawangsa pendhudhuk Geba
kang diboyong marang ing pambuwangan,
menyang ing Manahat --: 7 Naaman, Ahia lan
Gera padha ngangkatake wong-wong mau
marang ing pambuwangan; iku nurunake Uza
lan Akhihud.
8 Ana ing dhaerah Moab, Rama Saharaim
sawuse nundhung Ibu Husim lan Ibu Baara,
para garwane, banjur peputra. 9 Anggone
peputra karo garwane, kang asma Hodesy,
dene putra-putrane mau yaiku Yobab, Zibya,
Mesa, Malkam, 10 Yeus, Sokhya lan Mirma, iku
para putrane, padha dadi kepala kulawangsa;
11 sadurunge iku karo Ibu Husim wus peputra,
yaiku Ahitub lan Elpaal. 12 Para putrane Rama
Elpaal yaiku Eber, Misam lan Semed; iki kang
ngedegake kutha Ono lan kutha Lod dalah
sawewengkone.
13 Rama Beria lan Rama Sema iku padha dadi
kepalaning kulawangsa pendhudhuk Ayalon;
pendhudhuk ing Gat wus padha dilungakake.
14 Rama Ahyo, Sasak, Yeremot, 15 Zebaja,
Arad, Eder, 16 Mikhael, Yispa lan Rama Yoha
iku para putrane Rama Beria. 17 Rama Zebaja,
Mesulam, Hizki, Heber, 18 Yismerai, Yislim lan
Yobab iku para putrane Rama Elpaal. 19 Rama
Yakim, Zikhri, Zabdi, 20 Elyoenai, Ziletai, Eliel,
21 Adaya, Beraya lan Rama Simrat iku para
putrane Rama Simei. 22 Rama Yispan, Eber,
Eliel, 23 Abdon, Zikhri, Hanan, 24 Hananya,
Elam, Antotia, 25 Yifdeya lan Pnuel iku para
putrane Rama Sasak. 26 Rama Samserai,
Seharya, Atalya, 27 Yaaresya, Elia lan Rama

Zikhri iku para putrane Rama Yeroham. [28] Iku
padha dadi kepalaning kulawangsa, para
kepala manut turune; iku padha manggon ana
ing Yerusalem.

Daftar tedhake Rama Saul

8:29-40

1Bb 9:35-44

[29] Nanging kang manggon ing Gibeon ramane
Rama Gibeon, yaiku Rama Yeiel, lan garwane
asma Ibu Maakha. [30] Putrane pambajeng
Rama Abdon, banjur Zur, Kisy, Baal, Nadab,
[31] Gedor, Ahyo, Zekher [32] lan Miklot kang
nurunake Simea. Iku iya padha tindak lan
manggon cedhak karo para sadhereke ana
ing Yerusalem nunggil karo para sadhereke
liyane. [33] Rama Ner nurunake Kisy; Rama
Kisy nurunake Sang Prabu Saul; Sang Prabu
Saul peputra Pangeran Yonatan, Malkisua,
Abinadab lan Pangeran Esybaal. [34] Pangeran
Yonatan peputra Sang Meribaal lan Sang
Meribaal nurunake Sang Mikha. [35] Sang Mikha
nurunake Piton, Melekh, Tarea lan Akhas.
[36] Sang Akhas nurunake Yehoada; Yehoada
nurunake Alemet, Azmawet lan Zimri; Sang
Zimri nurunake Moza; [37] Sang Moza nurunake
Bina; iki nurunake Rafa; iki nurunake Elasa
lan iki nurunake Azel. [38] Sang Azel peputra
nenem, iki asma-asmane: Azrikam, Bokhru,
Ismael, Searya, Obaja lan Hanan. Iku kabeh
putrane Rama Azel. [39] Para putrane Sang
Esek, sadhereke, yaiku Ulam, iku pambajenge,

banjur Yeusy, iku kang angka loro, lan Elifelet,
kang angka telu. [40] Para putrane Sang Ulam
iku wong kang kendel-kendel, wong prawira
kang gagah prakosa, juru manah; putra
wayahe akeh: satus seket. Iku kabeh klebu
tedhake Rama Benyamin.

Wong kang padha manggon ing Yerusalem

9:1-34

Ny 11:1-24

9 [1] Wong Israel wus padha kapengetan
kabeh ana ing sarasilah; padha katulisan
ing bukuning para ratu ing Israel, dene wong
Yehuda wus padha diboyong marang ing
pambuwangan ing Babel marga saka anggone
ora setya. [2] Anadene para wong kang kawitan
padha manggon maneh ana ing tanah-tanah
pusakane, ana ing kutha-kuthane, yaiku para
wong Israel lumrah, para imam, para wong
Lewi lan para abdi ing padalemaning Allah.
[3] Kang manggon ing Yerusalem para wong
panunggalane bani Yehuda, bani Benyamin,
bani Efraim lan Manasye: [4] Rama Utai bin
Amihud bin Omri bin Imri bin Bani, saka
turune Rama Peres bin Yehuda. [5] Lan saka
panunggalane wong Syela yaiku Rama Asaya,
kang pambajeng, saputra-putrane. [6] Saka
turune Rama Serah yaiku Yeuel karo sanak
sadhereke, nem atus sangang puluh. [7] Saka
bani Benyamin yaiku Salu bin Mesulam, bin
Hodawya bin Hasenua, [8] Yibnea bin Yeroham,
Ela bin Uzi bin Mikhri lan Mesulam bin Sefaca

bin Rehuel bin Yibnia [9] karo sanak sadhereke
manut turune, wong sangang atus seket enem.
Kabeh iku padha dadi kepala kulawangsa.
[10] Saka panungalane para imam yaiku
Yedaya, Yoyarib, Yakhin [11] Azarya bin Hilkia bin
Mesulam bin Zadhok bin Merayot bin Ahitub,
pangarepe padalemaning Allah, [12] banjur
Adaya bin Yeroham bin Pasyhur bin Malkia lan
Masai bin Adiel bin Yahzera bin Mesulam bin
Mesilemit bin Imer, [13] dalah sanak sadhereke,
kabeh kepala kulawarga, sewu pitung atus
sewidak, para wong kang trampil nindhakake
tatapangibadah ana ing padalemaning Allah.
[14] Saka panunggalane para wong Lewi yaiku
Semaya bin Hasub bin Azrikam bin Hasabya,
saka turune Rama Merari; [15] nuli Bakbakar,
Heresy, Galal lan Matanya bin Mikha bin Zikhri
bin Asaf, [16] sarta Obaja bin Semaya bin Galal
bin Yedutun lan Berekhya bin Asa bin Elkana,
kang padha manggon ing desa-desane wong
Nefota.
[17] Para wong kang padha jaga gapura yaiku
Salum, Akub, Talmon lan Ahiman. karo
sanak sadulure; Salum kang dadi kepala.
[18] Tekan saprene iku padha ana ing gapuraning
Sang Nata ing sisih wetan. Iku padha dadi
panjaganing gapurane patarubane bani Lewi.
[19] Salum bin Kore bin Ebyasaf bin Korakh
lan para sadulure tunggal kulawangsa, yaiku
para wong Korakh, iku padha kawajiban
dadi panjaganing lawange Tarub kaya para
leluhure kang padha nduweni kawajiban ana
ing patarubaning Pangeran Yehuwah dadi

panjaganing lawang lumebu. [20] Ing sadurunge
kang ngepalani wong-wong mau Pinehas
bin Eliazar. Pangeran Yehuwah muga karsaa
nganthi marang dheweke. [21] Zakharia bin
Meselemya kang dadi panjaganing lawang
Tarub Pasewakan. [22] Kabeh kang kapilih dadi
panjaganing lawang ana rong atus rolas.
Iku wus padha kapengetan ana ing sarasilah
ing desa-desane. Wong-wong mau padha
katetepake ing kalenggahan iku dening
Sang Prabu Dawud lan Nabi Samuel, wong
sidik. [23] Wong-wong mau lan anak-anake
padha kawajiban jaga anak ing gapuraning
padalemane Pangeran Yehuwah, yaiku Dalem
Tarub iku. [24] Para kang jaga gapura iku padha
kapapanake madhep ing keblat papat, yaiku
madhep ngetan, ngulon, ngalor lan ngidul.
[25] Dene para sadulure kang padha manggon
ing desa-desane, ing wektu-wektu kang wus
katamtokake kawajiban lumebu nyambut
gawe, suwene pitung dina bebarengan
karo dheweke kabeh, [26] dene kepala jaga
gapura kang papat mau kalungguhane
tetep. Iku padha wong Lewi, kang rumeksa
marang kamar-kamar lan barang-barang
padalemaning Allah. [27] Wong iku padha
nginep ing sakiwa-tengene padalemaning
Allah mau, sabab padha tanggung-jawab
ing bab pajagan lan kawajiban ngengakake
lawang saben esuk. [28] Wong-wong mau
saperangan kawajiban ngurus pirantining
pangibadah: ngetung mlebu-metuning
barang-barang mau. [29] Saperangan gaweane

ngurus piranti-piranti, yaiku sakehing prabot
ing pasucen sarta ngurus glepung kang
becik dhewe, anggur, lenga, menyan lan
bumbu-bumbu. 30 Ana imam sawatara kang
kawajiban nyawisake campuran anggi-anggi.
31 Matica, salah sawijining wong Lewi, anake
pambarep Salum, wong Korakh, kaparingan
kawajiban tetep dadi tukang roti. 32 Turune
Kehat yaiku saka golongane sanak sadulure,
ana saperangan kang kawajiban ngurus roti
sesaosan kang dicawisake ing saben dina
Sabat. 33 Para penyanyi, iku padha dadi
kepalaning kulawangsane wong Lewi, kang
padha manggon ana ing kamar-kamar, iku
ora kena ing panggawean liyane, amarga rina
wengi padha tansah nindakake pagaweane.
34 Iku padha kepalane kulawangsane wong
Lewi, padha dadi kepala miturut turune; iku
padha manggon ana ing Yerusalem.

Sarasilahe Sang Prabu Saul

9:35-44

35 Kang manggon ana ing Gibeon iku ramane
Rama Gibeon, yaiku Rama Yeiel, lan garwane,
yaiku Ibu Maakha. 36 Putrane pambajeng
asma Abdon, nuli Zur, Kisy, Baal, Ner, Nadab,
37 Gedor, Ahyo, Zakharya lan Miklot. 38 Rama
Miklot nurunake Simeam. Iku padha tindak
manggon cedhak karo para sadhereke ana
ing Yerusalem nunggil karo para sadhereke
liyane. 39 Rama Ner nurunake Kisy; Rama Kisy
nurunake Sang Prabu Saul; Sang Prabu Saul

peputra Pangeran Yonatan, Malkisua, Abinadab
lan Esybaal. 40 Pangeran Yonatan peputra Sang
Meribaal, lan Sang Meribaal nurunake Sang
Mikha. 41 Sang Mikha nurunake Piton, Melekh,
Takhrea lan Akhas. 42 Sang Akhas nurunake
Yaera, Sang Yaera nurunake Alemet, Azmawet
lan Zimri; Sang Zimri nurunake Moza. 43 Sang
Moza nurunake Bina lan iki nurunake Refaya;
iki nurunake Elasa, lan iki nurunake Azel.
44 Sang Azel peputra nenem, iki asma-asmane:
Azrikam, Bokhru, Ismael, Searya, Obaja lan
Hanan. Iku para putrane Sang Azel.

Sang Prabu Saul Seda

10:1-14

1Sa 31:1-13

10 1 Wong Filisti perang nglawan wong
Israel. Wong Israel padha keplayu ana
ing ngarepe wong Filisti lan akeh kang mati
ana ing pagunungan Gilboa. 2 Sang Prabu
Saul lan para putrane padha kaoyak dening
wong Filisti; Pangeran Yonatan, Abinadab
lan Malkisua, para putrane Sang Prabu
Saul, padha kasedanan. 3 Peperangan iku
tumrap Sang Prabu Saul saya abot. Bareng
wadya-bala panahan mrangguli panjenengane,
panjenengane banjur ketaton. 4 Sang Prabu
Saul nuli ngandika marang kang ngampil
dedamele: "Pedhangmu unusen, aku suduken,
supaya wong-wong kang ikutan kae ora mrene
lan nganggo dolanan aku." Nanging kang
ngampil dedamel mopo, awit ora tegel, Sang

Prabu Saul banjur mundhut pedhange, nuli
dirungkebi. 5 Bareng kang ngampil dedamele
sumurup, manawa Sang Prabu wus seda, iya
banjur ngrungkebi pedhange, tumuli mati.
6 Dadine Sang Prabu Saul, putrane tetelu
lan kulawargane kabeh padha nemahi seda.
7 Bareng sakehe wong Israel kang ana ing
lebak padha sumurup, manawa wadya-balane
wus padha keplayu sarta Prabu Saul dalah
para putrane wus seda, wong-wong mau
padha lolos saka ing kutha-kuthane lan padha
lumayu uga; wong Filisti banjur padha teka
lan manggon ana ing kono.
8 Esuke bareng wong Filisti padha teka
mblejedi wong-wong kang mati, padha
nyumurupi layone Sang Prabu Saul lan para
putrane gumlimpang ana ing pagunungan
Gilbea. 9 Banjur padha diblejedi, mustakane
Sang Prabu Saul dalah prabote perang
kajupuk, kagawa mubeng-mubeng ana ing
nagarane wong Filisti kanggo aweh pawarta
marang brahala-brahalane lan marang
rakyat. 10 Prabote perang Sang Prabu Saul
tumuli kadekek ing omahing allahe, nanging
mustakane dipaku ana ing omahe Dagon.
11 Bareng wong ing Yabesy-Gilead kabeh
padha krungu apa kang katandukake dening
wong Filisti marang Sang Prabu Saul, 12 kabeh
wong kang gagah prakosa padha tata-tata lan
banjur mangkat njupuk layone Sang Prabu
Saul lan layone para putrane, digawa menyang
Yabesy, balung-balunge padha kapetak ana
ing sangisoring wit-witan gedhe ing Yabesy.

Sawuse mangkono nuli padha pasa pitung
dina.
13 Kaya mangkono sedane Sang Prabu Saul,
jalaran saka anggone ora setya marang
Pangeran Yehuwah, ora gondhelan marang
pangandikane Sang Yehuwah lan marga saka
anggone wus mundhut pitedah marang arwah,
14 lan ora nyuwun pitedahing Sang Yehuwah.
Mulane banjur disedani dening Pangeran
Yehuwah lan kalenggahaning ratu kaparingake
marang Sang Dawud bin Isai.

Sang Prabu Dawud jumeneng ratu ing Israel

11:1-3

2Sa 5:6-10

11 1 Kabeh wong Israel banjur padha
sowan marang ing ngarsane Sang
Prabu Dawud ana ing Hebron lan matur:
"Kauningana, kawula sadaya punika sami
tunggil balung tunggil daging kaliyan
panjenengan dalem. 2 Nalika Sang Prabu Saul
ngasta paprentahan, sampun lami anggen
paduka mimpin mobah-mosikipun tiyang
Israel. Sarta Pangeran Yehuwah, Gusti Allah
paduka, sampun ngandika dhateng paduka:
Sira kang kudu ngengon umatingSun Israel,
lan iya sira iku kang dadi ratuning umatingSun
Israel." 3 Sakahe para tetuwane Israel tumuli
padha sowan marang ing ngarsane Sang Nata
ana ing Hebron, Sang Prabu Dawud banjur
nganakake prajanjian karo wong-wong mau

ana ing Hebron ana ing ngarsaning Sang Yehuwah, Sang Prabu Dawud nuli jinebadan dadi ratu ing Israel, kayadene kang wus kapangandikakake dening Pangeran Yehuwah marang Nabi Samuel.

Sang Prabu Dawud ngrebat Yerusalem lan akadhaton ana ing kono

11:4-9

2Sa 5:6-10

4 Sang Prabu Dawud banjur tindak menyang
Yerusalem, yaiku Yebus, kadherekake dening
wong Israel kabeh; anadene kang padha
manggon ana ing nagara kono iku wong Yebus.
5 Iku padha matur marang Sang Prabu Dawud:
“Paduka boten badhe saged mlebet mriki.”
Nanging Sang Prabu Dawud banjur ngrebat
beteng ing Sion, yaiku kuthane Sang Prabu
Dawud. 6 Sang Prabu wus ngandika: “Sapa
sing dhisik dhewe ngalahake wong Yebus,
iku bakal dadi panggedhe lan pemimpin.”
Kang banjur maju dhisik dhewe iku Yoab
anake Zeruya, mulane nuli kaangkat dadi
panggedhe. 7 Sang Prabu Dawud tumuli
akadhaton ana ing beteng kono, mulane iku
banjur katelah jeneng: Kuthane Sang Prabu
Dawud. 8 Sang Prabu nuli nyantosani kutha
mau ing saubenge, wiwit saka ing Milo, malah
ing saubenge kabeh, dene saluwihe kutha iku
dibangun maneh dening Sang Yoab. 9 Saya
suwe pangwaose Sang Prabu Dawud saya

gedhe, amarga Pangeran Yehuwah, Gustine
sarwa tumitah nganthi marang panjenengane.

Para gegedhuge Sang Prabu Dawud

11:10-47

2Sa 23:8-39

10 Iki para panggedhe para prawira kang
ndherekake Sang Prabu Dawud, kang
padha nyaosi pambiyantu akeh marang
panjenengane, bebarengan karo wong Israel
kabeh, ing bab anggone nggayuh kalenggahan
ratu, kaya kang kapangandikakake dening
Pangeran Yehuwah tumrap Israel. 11 Iki
daftare para prawira kang ndherekake Sang
Prabu Dawud: Sang Yasobam bin Hakhmoni,
tetindhihe prawira telung puluh, iku kalawan
ngolahake tumbake bisa nyirnakake mungsuh
telung atus ing sajroning nempuh perang
sapisan. 12 Nuli Sang Eleazar bin Dhodho
wong Ahohi; iki klebu gegedhug kang telu
cacahe. 13 Nalika wong Filisti padha pacak
baris ana ing Pas-Damim, Sang Eleazar
pinuju ndherek Sang Prabu Dawud ana ing
kono; ing kono ana pategalan, kang kebak
tetanduran sair; bareng wadyabala lumayu
saka ing ngarepe wong Filisti, 14 gegedhug
telu mau ngadeg ana ing tengahe pategalan
kono lan padha bisa ngukuhi tanah iku, malah
banjur bisa ngalahake wong Filisti. Kaya
mangkono anggone Pangeran Yehuwah paring
kaunggulan kang ngleluwihi.

[15] Ing sawijining dina panunggalane tetindhih
telung puluh mau ana telu kang munggah ing
gunung parang sowan marang ing ngarsane
Sang Prabu Dawud ana ing sacedhake guwa
Adulam; nalika iku wadya-balane wong Filisti
makuwon ana ing lebak Refaim. [16] Sang
Prabu Dawud ing nalika samana pinuju ana
ing beteng gunung, dene wadya-bala Filisti
ing nalika iku ngejegi Betlehem. [17] Sang
Prabu Dawud nuli katuwuhan pepenginan,
pangandikane: “Ah, bok ya ana wong sing
menehi ngombe aku banyu saka sumur ing
Betlehem ing sacedhake gapura.” [18] Wong
telu mau banjur nrobos ing patarubane wong
Filisti, tumuli nimba banyu ing sumur Betlehem
kang ana ing sacedhake gapura, nuli diangkat
lan digawa marang ing ngarsane Sang Prabu
Dawud. Nanging Sang Prabu Dawud ora
karsa ngunjuk, banyune kacaosake marang
Pangeran Yehuwah minangka kurban unjukan,
[19] pangandikane: “Tumindak ingkang makaten
punika, dhuh Allah, mugi tinebihna saking
kawula. Punapa pantes kawula ngombe rahing
toh-nyawanipun tiyang-tiyang punika? Amargi
anggenipun sami mbekta toya punika kalayan
ngetohaken nyawanipun.” Panjenengane ora
karsa ngunjuk. Iku kang ditindakake dening
gegedhug telu mau.

[20] Sang Abisai, rayine Sang Yoab, iku kang
dadi tetindhihing wong telung puluh iku. Lan
iya panjenengane iku kang kalawan ngolahake
tumbake bisa mateni mungsuh telung atus;
mulane banjur dadi kondhang ana ing antarane

wong telung puluh mau. 21 Ing antarane wong
telung puluh iku, panjenengane kang kajen
dhewe, la wong iya dadi tetindhihe, ewa
samono ora bisa madhani gegedhug telu mau.
22 Nuli Sang Benaya bin Yoyadha, turune
wong gagah prakosa, kang gedhe lelabuhane,
kang asale saka Kabzeel. Iku bisa mateni
gegedhug Moab loro. Panjenengane iya tau
lumebu ing gampeng lan mateni ing nalika
dina tekaning salju. 23 Kejaba iku iya tau
mateni wong Mesir, kang dhuwure limang
asta, mangka wong Mesir iku nyekel tumbak
kang kaya giliganing tenunan, nanging wong
mau banjur diparani kalawan nggawa teken,
tumbake direbut saka ing tangane wong Mesir
mau, kang banjur dipateni kalawan tumbake
dhewe. 24 Iku kang ditindakake dening Sang
Benaya bin Yoyadha. mulane dadi kondhang
ana ing antarane gegedhug telung puluh
mau. 25 Pancen ana ing antarane wong telung
puluh mau, panjenengane kang kajen dhewe,
nanging iya ora bisa madhani gegedhug telu
kasebut ing ngarep. Sang Benaya iku kaangkat
dening Sang Prabu Dawud dadi panggedhening
prajurit pengawale Sang Nata.
26 Sabanjure para prawira kang gagah
prakosa liyane yaiku Sang Asael, sadhereke
Sang Yoab, nuli Sang Elhanan bin Dhodho
saka Betlehem: 27 Sang Samot, wong Harod;
Sang Heles, wong Peloni; 28 Sang Ira bin Ikesy,
wong Tekoa; Sang Abiezer, wong Anatot;
29 Sang Sibkhai, wong Husa; Sang Ilai, wong
Ahohi; 30 Sang Maharai, wong Netofa; Sang

Heled bin Baaha, wong Netofa; 31 Sang Itai
bin Ribai, saka ing Gibea, wong Benyamin;
Sang Benaya, wong Piraton; 32 Sang Hurai
saka ing lebak-lebak Gaas; Sang Abiel, wong
Bet-Araba; 33 Sang Azmawet, wong Bahurim;
Sang Elyakhba, wong Saalbon; 34 Sang
Hasyem, wong Gizon; Sang Yonatan bin Sage,
wong Harari; 35 Sang Abiam bin Sakhar, wong
Harari; sang Elifal bin Ur; 36 Sang Hefer,
wong Mekherati; Sang Ahia, wong Peloni;
37 Sang Hezro, wong Karmel; Sang Naarai bin
Ezbai; 38 Sang Yoel, sadulure Natan; Sang
Mibhar bin hagri; 39 Sang Zelek, wong Amon;
Sang Maharai, wong Beerot, kang ngampil
dedamele Sang Senapati Yoab, putrane Sang
Zeruya; 40 Sang ira, wong Yetri; Sang Gareb,
wong Yetri; 41 Sang Uria, wong Het; Sang
Zabad bin Ahlai; 42 Sang Adina anake Ziza,
wong Ruben, tetindhihe para wong Ruben,
bebarengan wong telung puluh; 43 Sang Hanan
bin Maakha; Sang Yosafat, wong Mitni; 44 Sang
Uzia, wong Azytarot; Sang Syama lan Sang
Yeiel, para putrane Sang Hotam wong Aroer;
45 Sang Yediael bin Simri, lan Sang Yoha,
sadhereke, wong Tizi; 46 Sang Eliel, wong
Mahawim; Sang Yeribai lan Sang Yosawya,
para putrane Sang Elnaam; Sang Yitma, wong
Moab; 47 Sang Eliel, Obed lan Sang Yaasiel,
wong Mezobaya.

Para pandhereke Sang Prabu Dawud ana ing Ziklag

12:1-22

12 [1] Iki para wong kang padha
sowan marang ing ngarsane Sang
Prabu Dawud ana ing Ziklag, sasuwene
panjenengane sumingkir marga saka Sang
Prabu Saul bin Kisy. Iku uga padha kagolong
para prawira kang mbiyantu panjengane ana
ing peperangan. [2] Iku padha sikep gegaman
panah, kang bisa mbalangake watu lan
nglepasake panah saka ing gendhewa nganggo
tangan tengen utawa tangan kiwa. Wong-wong
iku padha sadherek tunggal taler karo Sang
Prabu Saul, kegolong wong Benyamin: [3] Sang
Akhiezer, tetindhihe, lan Sang Yoas, para
putrane Sang Semaa wong Gibea; Sang Yeziel
lan Sang Pelet, para putrane Sang Azmawet,
Sang Berakha lan Sang Yehu, wong Anatot;
[4] Sang Yismaya, wong Gibeon, sawijining
gegedhug ing antarane wong telung puluh
kasebut ing ngarep, kang manggedheni wong
telung puluh; Sang Yirmiya, Yehaziel, Yohanan
lan Sang Yozabad, wong Gedera; [5] Sang
Eluzai, Yerimot, Bealya, Semarya lan Sang
Sefaca, wong Harufi; [6] Sang Elkana, Yisia,
Azariel, Yoezer lan Sang Yasobam, para wong
Korakh; [7] Sang Yoela lan Sang Zebaja, para
putrane Sang Yeroham, saka ing Gedor.

[8] Panunggalane wong Gad uga ana kang
misah lan sowan ing ngarsane Sang Dawud

ana ing beteng ing pasamunan, yaiku para
prawira kang gagah prakosa, wong kang
sembada ing perang, kang pinter olah tameng
lan tumbak sarta rupane kaya singa lan
cukat kaya kidang ing pagunungan. 9 Sang
Ezer, tetindhihe, Sang Obaja, wong kang
angka loro; Sang Eliab, wong kang katelu;
10 Sang Mismana, wong kang angka papat;
Sang Yirmiya, wong kang kalima; 11 Sang
Atai, wong kang angka nenem; Sang Eliel,
wong kapitu; 12 Sang Yohanan, wong kang
kawolu; Sang Elzabad, wong kang kasanga.
13 Sang Yirmiya, wong kang angka sapuluh;
Makhbani, wong kang kasewelas. 14 Iku
padha panunggalane bani Gad, padha dadi
tetindhihing wadya-bala; wong siji kang cilik
dhewe keconggah nglawan wong satus, dene
kang gedhe dhewe keconggah nandhingi wong
sewu. 15 Iya wong-wong iku kang nyabrang ing
bengawan Yarden ing sasi kapisan, sanadyan
bengawan iku luber sarta iya wong-wong iku
kang nglungakake sakehe wong kang padha
manggon ing sisih wetan lan sisih kulon.

16 Bani Benyamin lan bani Yehuda ana
saperangan kang sowan ing ngarsane Sang
Dawud ana ing beteng mau, 17 Sang Dawud
tumuli miyos methukake para wong mau.
Pangandikane marang wong-wong mau
mangkene: "Manawa anggonmu padha marani
aku iki kanthi sedya kang becik, arep mbiyantu
aku, aku bakal saeka-praya kalawan kowe
kabeh, nanging manawa sedyamu arep padha
ngulungake aku marang satruku kalawan

paekan, mangka aku ora tumindak daksiya,
muga Gusti Allahe leluhur kita nguningani bab
iku lan maringana paukuman marang kowe
kabeh.” 18 Ing kono Sang Roh banjur menuhi
Sang Amasai, tetindhihe wong telung puluh
mau, temah unjuke:

Kawula punika sami kagem paduka, dhuh
Sang Dawud,
saha sami ndherek paduka, dhuh
putranipun Sang Isai!
Tentrem-rahayu, tentrem-rahayu wontena
ing paduka
saha tentrem rahayu wontena ing
pambantu paduka,
sabab ingkang mitulungi paduka punika
Gusti Allah paduka!

Wong-wong mau banjur padha didadekake
tetindhihing wadya-bala dening Sang Prabu
Dawud.
19 Saka panunggalane Manasye uga ana
kang padha mbalik mbiyantu Sang Prabu
Dawud, nalika panjenengane bebarengan karo
wong Filisti merangi Sang Prabu Saul. Lugune
panjenengane iku ora sida mitulungi wong
Filisti, sabab para ratu ing kutha-kuthane wong
Filisti iku sawuse mutus, banjur ngesahake
panjenengane, awit rembage mangkene:
“Saged ugi mangke mbalik dhateng Saul,
gustinipun, kalayan ngulungaken sirah kita.”
20 Nalika tindak menyang ing Ziklag suku
Manasye ana saperangan kang mbalik marang
ing panjenengane, yaiku: Sang Adnah,
Yozabad, Yediael, Mikhael, Yozabad, Elihu lan

Sang Siletai, para tetindhihe wadya-bala sewu
saka suku Manasye. 21 Iku padha mbiyantu
Sang Dawud nglawan grombolan, amarga
kabehe padha prawira lan gagah prakosa
sarta dadi tetindhihing wadya-bala. 22 Ing
saben dina ndalidir tekane wong kang padha
sowan ing ngarsane Sang Dawud sumedya
mbiyantu panjenengane, satemah banjur dadi
wadya-bala gedhe, kaya wadya-balaning Allah.

Wadya-balane Sang Prabu Dawud ana ing Hebron

12:23-40

23 Iki cacahe wadya-bala kang sikep
gegamaning perang kang padha sowan ing
ngarsane Sang Prabu Dawud ana ing Hebron,
prelu ngunjukake kalenggahan ing ratu Sang
Prabu Saul marang Sang Prabu Dawud, cocog
karo pangandikane Pangeran Yehuwah. 24 Bani
Yehuda kang sikep tameng lan tumbak nem
ewu wolung atus, kang siyaga ing perang.
25 Saka bani Simeon para prawira kang gagah
prakosa sembada ing perang ana pitung
ewu satus. 26 Saka bani Lewi ana patang
ewu nem atus, 27 kawuwuhan Sang Yoyadha,
pemimpining gotrah Harun lan bebarengan
karo panjenengane ana telung ewu pitung
atus, 28 sabanjure Sang Zadhok, sawijining
prawira enom kang gagah prakosa, kalawan
pemimpin ing kulawangsa rolikur. 29 Saka bani
Benyamin, para sadhereke Sang Prabu Saul
tunggal suku, ana telung ewu, nganti tumeka

dhek samana wong-wong mau isih akeh
kang tetep sumuyud marang kulawangsane
Sang Prabu Saul. [30] Saka bani Efraim rong
puluh ewu wolung atus, para prawira kang
gagah prakosa wong kang kondhang ana
ing antarane para kulawangsane. [31] Saka
separone suku Manasye ana wolulas ewu kang
katuding kalawan kasebutake jenenge, supaya
mangkat lan njumenengake Sang Prabu
Dawud dadi ratu. [32] Saka bani Isakhar para
wong kang duwe kawruh bab wektu-wektu
kang trep, satemah padha nyumurupi apa
kang prayoga katindakake dening wong Israel:
rong atus, padha dadi kepala karo sakehe
sadulure tunggal suku kang dadi reh-rehane.
[33] Saka Zebulon wong kang padha sembada
ing perang kang bisa ngempakake gegaman
warna-warna: seket ewu kang sumanggem
nyaosi pambiyantu ora kalawan mangro
tingal. [34] Saka Naftali wong sewu, padha dadi
pemimpin bebarengan karo wong telung puluh
pitu ewu kang asikep tameng lan tumbak.
[35] Saka Dhan para wong kang siyaga ing
perang: wolu likur ewu nem atus. [36] Saka
Asyer para wong kang sembada lan pinter
ing perang: patang puluh ewu. [37] Saka ing
sabrange bengawan Yarden, yaiku saka suku
Ruben, Gad lan separone suku Manasye liyane,
para wong kang sikep gegamaning perang
warna-warna: satus rong puluh ewu.

[38] Kabeh mau, prajurit, wong kang padha
nggolong dadi sabarisan kang siyaga ing
perang; kaya mangkono anggone padha sowan

menyang Hebron sumedya njumenengake
Sang Prabu Dawud dadi ratu ing saindenging
Israel kabeh kalawan tulusing ati; sakehe
wong Israel liyane pancen iya wus padha
saiyeg arep njumenengake Sang Prabu Dawud
dadi ratu. [39] Anggone ana ing kana, tetunggilan
karo Sang Prabu Dawud, suwene telung dina,
padha ndherek dhahar lan ngunjuk, awit para
sadulure kang nganakake pasugatan. [40] Uga
para wong kang manggon ing sacedhake,
malah saka bani Isakhar, Zebulon lan Naftali,
padha seba nyaosake bahan pangan kalawan
kaemotake ing kuldi, unta, bihal lan sapi,
yaiku olah-olahan glepung, kuwih woh anjir
lan kuwih kismis, anggur lan lenga, sapi lan
wedhus, nganti akeh banget, awit ing Israel
ana kabungahan.

Pethi prajanjian kaelih saka ing Kiryat-Yearim

13:1-14

2Sa 6:1-11

13 [1] Sang Prabu Dawud pirembagan karo
para tetindhinging wadya-bala sewu
lan wadya-bala satus sarta karo sakehing
pengarep. [2] Pangandikane Sang Prabu Dawud
marang pasamuwan Israel kabeh mangkene:
"Manawa sira padha nganggep prayoga
lan manawa di parengake dening Pangeran
Yehuwah, Gusti Allah kita, ayo padha nyebar
kongkonan marang para sadulur kita kang
isih padha manggon ing sawewengkone Israel

kabeh, lan kejaba iku marang para imam lan
para wong Lewi kang ana ing kutha-kutha,
kang kaubengan ing tanah pangonane, supaya
wong-wong iku padha nglumpuk mrene.
3 Sarta maneh ayo padha ngelih pethine Gusti
Allah kita mrene, amarga dhek jamane Sang
Prabu Saul aku ora padha mikir bab iku.” 4 Ing
kono kabeh kang masamuwan padha munjuk,
manawa bakal padha nindakake bab iku, awit
usul iku kaangep becik dening wong sabangsa
kabeh.
5 Sang Prabu Dawud banjur nimbali sakehe
wong Israel wiwit kang ana ing kali Sikhor
ing tanah Mesir nganti tekan kang ana ing
sacedhake dalan menyang ing kutha Hamat,
padha kadhawuhan mboyong pethining
Allah saka ing Kiryat-Yearim. 6 Sang Prabu
Dawud banjur tindak menyang ing Baala, ing
Kiryat-Yearim, kang klebu wilayah Yehuda,
kadherekake dening wong Israel kabeh, arsa
mboyong pethining Allah saka ing kana, kang
disebut nganggo asmane Pangeran Yehuwah
kang adhedhampar ing sandhuwure kerubim.
7 Pethine Gusti Allah katitihake ing kreta kang
anyar saka ing omahe Abinadab, dene kang
nglakokake kreta mau Uza lan Ahyo. 8 Sang
Prabu Dawud lan wong Israel kabeh padha
beksa ana ing ngarsaning Allah kanthi ngetog
kakiyatan, kairing ing kekidungan, clempung,
slukat trebang, kecer lan kalasangka.
9 Bareng tekan ing panutone Kidon, Uza
tumuli mulung tangane nyekel pethi mau,
amarga sapi-sapine padha kejrungup. 10 Ing

kono Pangeran Yehuwah banjur duka banget
marang Uza, Uza dipateni, marga tangane
gumrageh marang pethi mau; dheweke mati
ana ing ngarsaning Allah. 11 Sang Prabu Dawud
ngungun, dene Pangeran Yehuwah nggebag
Uza kanthi patrap kang nggegirisi iku; mulane
panggonan kono banjur kaaranan Peres-Uza
nganti saprene. 12 Nalika iku Sang Prabu
Dawud nuli dadi ajrih marang Gusti Allah,
banjur ngandika: "Kapriye anggoningsun
bisa mboyong pethining Allah iku menyang
ing padunungнаціональningsun." 13 Marga saka iku
Sang Prabu Dawud ora karsa mindhah pethi
mau menyang ing papan padalemane, ing
kuthane Sang Prabu Dawud, nanging Sang
Prabu Dawud tumuli menggok, pethi kabekta
menyang ing omahe Obed-Edom, wong Gat.
14 Pethining Allah mau anggone dumunung ana
ing satengahe brayate Obed-Edom suwene
telung sasi lan Pangeran Yehuwah mberkahi
brayate Obed-Edom sarta sakehe barang
darbeke.

Kraton lan brayate Sang Prabu Dawud

14:1-7

2Sa 5:11-16 1Bb 3:5-9

14 1 Sang Prabu Hiram, ratu ing nagara
Tirus, ngintunake utusan marang Sang
Prabu Dawud kalawan nggawa kayu Eres,
tukang-tukang batu lan tukang-tukang kayu
arep yasa kadhaton kagem Sang Prabu. 2 Ing
kono Sang Prabu Dawud mangertos, manawa

Pangeran Yehuwah wus netepake anggone
jumeneng ratu ing Israel, awit drajating
paprentahane kaluhurake marga saka Israel
umate.
3 Sang Prabu Dawud mundhut garwa maneh
sawetara ana ing Yerusalem, lan banjur
kagungan putra maneh kakung lan putri.
4 Iki asmane para putra kang miyos ana ing
Yerusalem: Pangeran Syamua, Sobab, Natan,
Suleman, 5 Yibkhar, Elisua, Elpelet, 6 Nogah,
Nefeg, Yafia, 7 Elisama, Beelyada lan Elifelet.

Sang Prabu Dawud ngawonake wong Filisti

14:8-17

2Sa 5:17-25

8 Bareng wong Filisti krungu, manawa Sang
Prabu Dawud wus kajebadan dadi ratu ing
saindenging Israel, wong Filisti kabeh banjur
tumandang arep nyekel Sang Prabu Dawud.
Nanging Sang Prabu Dawud mireng bab
iku, tumuli tindak methukake. 9 Nalika wong
Filisti padha teka lan nempuh lebak Refaim,
10 Sang Prabu Dawud munjuk marang Gusti
Allah: "Punapa kawula kapareng tumandang
nglawan tiyang Filisti punika saha punapa
Paduka badhe masrahaken tiyang-tiyang
punika dhateng ing tangan kawula?" Paring
wangsulane Sang Yehuwah: "Mangkata,
Ingsun bakal ngulungake wong-wong iku
marang ing tanganira." 11 Sang Prabu Dawud
nuli bidhal menyang ing Baal-Perazim; wong

Filisti padha kagecak ana ing kono. Sang Prabu
Dawud ngandika: “Gusti Allah wus nrobos
mungsuhku lumantar aku kaya panrobosing
banyu.” Mulane panggonan kono banjur
kaaranan Baal-Perazim. 12 Wong Filisti padha
ninggal allah-allahe ana ing kono, lan awit
saka dhawuhe Sang Prabu Dawud iku padha
kaobongan nganti tapis dening wong Israel.
13 Nalika wong Filisti padha nempuh lembah
iku maneh, 14 Sang Prabu Dawud munjuk
marang Gusti Allah, sarta Gusti Allah banjur
paring wangsulan, pangandikane: “Sira
aja nempuh saka ing burine, nanging sira
ngubengana wong-wong iku, supaya kena
sira tempuh saka ing wit-witan baka. 15 Lan
manawa sira krungu swara kaya ana kang
lumaku ing pucuking wit-wit baka mau, sira
nuli metua majua perang, sabab Gusti Allah
wus miyosi perang ana ing ngarepira lan bakal
ngawonake wadya-balane wong Filisti.” 16 Sang
Prabu Dawud tumuli nglampahi sadhawuhing
Allah marang panjenengane, wadya-bala
Filisti kagecak, wiwit saka ing Gibeon nganti
tekan ing Gezer. 17 Asmane Sang Prabu Dawud
banjur misuwur ana ing sakehing nagara,
sarta Pangeran Yehuwah ndhatengake rasa
giris marang panjenengane ana ing atine
sakehe bangsa.

Pethi kaboyong menyang ing Yerusalem

15:1--16:6

2Sa 6:12-23

15 [1] Sang Prabu Dawud yasa gedhong-
gedhong kagem panjenengane
piyambak ana ing kuthane Sang Prabu Dawud;
sawuse mangkono banjur cecawis panggonan
kanggo pethining Allah lan kadamelake tarub.
[2] Nalika iku Sang Prabu Dawud ngandika:"Aja
ana wong kang ngusung pethining Allah,
kejaba wong Lewi, amarga wong-wong iki
kang pinilih dening Pangeran Yehuwah supaya
ngusung pethining Yehuwah lan kang rumeksa
nganti ing salawas-lawase."

[3] Sawuse mangkono Sang Prabu Dawud
tumuli nimbali wong Israel kabeh menyang ing
Yerusalem, kadhawuhan mboyong pethining
Yehuwah menyang ing Panggonan kang wus
kacawisake. [4] Sang Prabu Dawud ngempalake
bani Harun lan wong Lewi: [5] Saka bani
Kehat: Sang Uriel, sawijining panggedhe, lan
para sadhereke sakulawangsa: wong satus
rong puluh; [6] saka bani Merari: Sang Asaya,
sawijining panggedhe, lan para sadhereke
sakulawangsa: wong rong atus rong puluh;
[7] Saka bani Gersom: Sang Yoel, sawijining
panggedhe, lan para sadhereke sakulawangsa:
wong satus telung puluh; [8] Saka bani Elizafan:
Sang Semaya, sawijining panggedhe, lan para
sadhereke sakulawangsa: wong rong atus;
[9] saka bani Hebron: Sang Eliel, sawijining

pemimpin, lan para sadhereke sakulawangsa:
wong wolung puluh; [10] saka bani Uziel: Sang
Aminadab, sawijining pemimpin, lan para
sadhereke sakulawangsa: wong satus rolas.
[11] Sang Prabu Dawud banjur nimbali Imam
Zadhok lan Imam Abyatar, sarta para wong
Lewi, yaiku Sang Uriel, Sang Asaya, Yoel,
Semaya, Eliel lan Sang Aminadab; [12] iku
padha dipangandikani mangkene: "Heh, sira
padha panggedhening kulawangsane wong
Lewi, sira padha sesucia, iya sira kabeh dalah
para sadulurira sakulawangsa, banjur padha
mboyonga pethining Sang Yehuwah, Gusti
Allahe Israel, menyang panggonan kang wus
suncawisake. [13] Marga saka nalika kapisanan
sira padha ora ana, Pangeran Yehuwah, Gusti
Allah kita, banjur ndhawahake bebendu ana
ing satengah kita, awit kita ora nyuwun
pitedah kaya samesthine." [14] Mulane para
Imam lan para wong Lewi tumuli padha sesuci,
marga arep mboyong pethining Pangeran
Yehuwah, Gusti Allahe Israel. [15] Sawuse
mangkono bani Lewi banjur ngusung pethining
Allah nganggo pikulan katumpangake ing
pundhake, ngetrepi dhawuhe Nabi Musa lan
cocog karo pangandikaning Yehuwah.
[16] Sang Prabu Dawud dhawuh marang para
tetindhihing wong Lewi, supaya para sadulure
sakulawangsa padha dikona ngadeg, yaiku
para juru ngidung kalawan nggawa pirantine
musik, kayata slukat, clempung lan kecer,
sarta supaya padha ngunekake lagu-lagu
gembira kang sora. [17] Para wong Lewi nuli

akon ngadeg marang Heman bin Yoel, lan
marang para sadulure sakulawangsane: Asaf
bin Berekhya; saka bani Merari, para sadulure
sakulawangsane; Etan bin Kusaya; [18] sarta
bebarengan karo dheweke kabeh para sadulure
pangkat loro: Zakharya, Yaaziel, Semiramot,
Yehiel, Uni, Eliab, Benaya, Maaseya, Matica,
Elifele, Mikneya, lan Obed-Edom sarta Yeiel,
para jaga gapura. [19] Para juru ngidung
yaiku Heman, Asaf lan Etan kadhawuhan
ngunekake lagu nganggo kecer. [20] Zakharya,
Aziel, Semiramot, Yehiel, Uni, Eliab, Maaseya,
Benaya kadhawuhan ngunekake slukat
mawa swara dhuwur, [21] dene Matica, Elifele,
Mikneya, Obed-Edom, Yeiel lan Azazya
kadhawuhan ngunekake clempung kang
wolung tataran swara luwih endhek kanggo
ngiringi kekidungan. [22] Kenanya tetindhihing
wong Lewi, kawajiban usung-usung. Iku dadi
kepalane pengangkutan, awit ngreti bab iku.
[23] Berekhya lan Elkana iku dadi tukang jaga
lawanging pethi; [24] lan Sebanya, Yosafat,
Netaneel, Amasai, Zakharya, Benaya lan
Eliezer, kabeh dadi imam, iku kang ngunekake
kalasangka ana ing ngarepe pethining Allah,
dene Obed-Edom lan Yehia iku dadi tukang
jaga lawanging pethi mau.
[25] Sang Prabu Dawud, para tetuwaning Israel
lan para panggedhening wadya-bala sewu
banjur padha budhal arep mboyong pethining
prajanjiane Pangeran Yehuwah mau saka ing
omahe Obed-Edom kalawan bingah. [26] Sarta
ing sarehne Gusti Allah paring pitulungan

marang para wong Lewi kang padha mboyong
pethining prajanjiane Pangeran Yehuwah iku,
mulane banjur padha ngunjukake sapi lanang
pitu lan wedhus lanang pitu. 27 Sang Prabu
Dawud ngagem jubah lena alus, lan uga para
wong Lewi kang mboyong pethi mau, lan para
juru kidung, lan Kenanya kang manggedheni
pengangkutan lan para juru kidung. Sang
Prabu Dawud uga ngagem kotang Efod lena.
28 Wong Israel kabeh padha nggotong pethi
prajanjiane Pangeran Yehuwah mau kalawan
diiringi surak lan unining kalasangka, nafiri
tuwin kecer, kalawan ngunekake dolanan
slukat lan clempung. 29 Bareng pethining
prajanjiane Pangeran Yehuwah tekan ing
kuthane Sang Prabu Dawud, Sang Putri Mikhal,
putri putrane Sang Prabu Saul, nginguk
ing cendhela, wasana banjur mirsani Sang
Prabu Dawud lincak-lincak lan beksa. Mulane
sajroning panggalih ngremehake Sang Prabu
Dawud.

16 1 Pethining Allah banjur kagawa
mlebu, kaprenahake ing satengahing
tarub, kang wus kacawisake dening Sang
Prabu Dawud; sawuse mangkono banjur
padha nyaosake kurban obaran lan kurban
kaslametan ana ing ngarsaning Allah. 2 Bareng
Sang Prabu Dawud wus rampung anggone
saos kurban obaran lan kurban kaslametan,
banjur mberkahi bangsa iku demi asmaning
Sang Yehuwah. 3 Nuli saben wong Israel,
lanang utawa wadon, diparingi roti siji, daging
sairis lan kuwih kismis saemplek.

4 Sang Prabu Dawud uga ngangkat wong
Lewi sawatara kadadekake tukang leladi
ana ing ngarepe pethining Sang Yehuwah,
supaya nyuwurake Pangeran Yehuwah, Gusti
Allahe Israel lan ngrepekake kidung panuwun
sarta pepujian kegem Panjenengane. 5 Kang
dadi tetindhihe yaiku Asaf, dene kang dadi
wong kang kapindho Zakharya; banjur
Yeiel, Semiramot, Yehiel, Matica, Eliab,
Benaya, Obed-Edom lan Yeiel kang kawajiban
ngunekake slukat lan clempung, dene Asaf
kawajiban ngunekake kecer, 6 dene Imam
Benaya lan Imam Yahaziel kawajiban tansah
ngunekake kalasangka ana ing ngarepe pethi
prajanjiane Allah mau.

Kidung pepujine Sang Prabu Dawud

16:7-36

7 Sawuse mangkono ing dina iku uga, Sang
Prabu Dawud paring dhawuh kang kapisanan
marang Asaf lan para sadulure sakulawangsa,
supaya padha ngrepekna kidung pamuji sokur
kagem Pangeran Yehuwah:

8 Padha saosa pamuji sokur marang Pangeran
Yehuwah, padha nyebuta asmane,
pakaryane padha suwurna ana ing antarane
para bangsa!
9 Padha ngrepekna kekidungan kagem
Panjenengane,
padha ngidungna masmur kagem
Panjenengane,

padha rembugana bab sakehing pakaryane
kang elok!
10 Digedhe atimu ana ing asmane kang suci,
cikben abungah-bungah wong kang padha
ngupaya Pangeran Yehuwah!
11 Padha ngupayaa Pangeran Yehuwah lan
kasantosane,
padha tansah ngupayaa wedanane!
12 Padha elinga marang pakaryan-pakaryan
elok kang ditindakake,
pratandha-pratandhane kang
elok lan putusan-putusan kang
kapangandikakake,
13 he putra-wayahe Rama Israel, abdine,
he putra-putrane Rama Yakub, para
pilihane!
14 Panjenengane iku Pangeran Yehuwah,
Gusti Allah kita,
pangadilane iku nyrambahi ing salumahing
bumi.
15 Panjenengane enget marang prajanjiane
ing salawas-lawase,
marang pangandika kang kadhawuhake
marang sewu turunan,
16 marang prajanjian kang didamel karo
Rama Abraham,
lan supaose marang Rama Iskak,
17 kang didamel kagem Rama Yakub dadi
katetepan,
kagem Rama Israel dadi prajanjian kang
langgeng,
18 pangandikane: "Tanah Kanaan bakal
Sunparingake marang sira,

minangka tanah-pusaka kang katemtokake
kanggo sira!”
19 Nalika cacahe durung sapiraa,
mung sathithik ana ing kana dadi wong
neneka,
20 sarta nglembara saka ing panggonane
bangsa kang siji menyang ing
panggonane bangsa sijine,
lan saka ing karajan kang siji menyang ing
nagarane suku bangsa sijine,
21 Panjenengane ora marengake sapa bae
nganiaya marang wong-wong mau;
para raja padha diukum marga saka
dheweke kabeh:
22 “Aja padha nggepok marang para
jebadaningSun,
lan aja nandukake piala marang para
nabiningSun!”
23 Ngrepekna kekidungan kagem Pangeran
Yehuwah, he salumahing bumi,
martakna karahayon peparinge ing
sadina-dina.
24 Nyaritakna kamulyane ana ing antarane
para bangsa
lan pakaryane kang elok ana ing antarane
sakehing suku bangsa.
25 Amarga Pangeran Yehuwah iku agung lan
banget pinuji-puji,
lan luwih nggegirisi tinimbang sakehing
allah.
26 Awit sakehe allahe para bangsa iku
brahala,

nanging Pangeran Yehuwah kang karya langit.
27 Kaluhuran lan kamulyan ana ing ngarsane,
kasantosan lan kabingahan ana ing padalemane.
28 Marang Pangeran Yehuwah, he para suku bangsa,
mung marang Pangeran Yehuwah bae anggonmu padha nyaosake kamulyan lan kasantosan.
29 Padha nyaosna kamulyaning asmane marang Pangeran Yehuwah,
nggawaa pisungsung lan lumebua sowan marang ing ngarsane.
Padha sujuda lan nyembaha marang Pangeran Yehuwah kalawan ngrasuk kasucen.
30 Gumetera ana ing ngarsane, he salumahing bumi;
jagad iku pranyata jejeg, ora gonjing.
31 Langit kareben abungah-bungah lan bumi asurak-surak,
wong kareben muwus ana ing antarane para bangsa: "Pangeran Yehuwah iku Ratu!"
32 Kareben gumuruh sagara saisine,
kareben abungah-bungah ara-ara lan kabeh kang ana ing kono,
33 wit-witan ing alas banjur padha asurak-surak
ana ing ngarsaning Sang Yehuwah,
sabab Panjenengane rawuh arsa ngadili bumi.

34 Padha ngunjukna pamuji sokur marang
Pangeran Yehuwah,
awit Panjenengane iku sae!
Sih-susetyane iku nyata langgeng ing
salawase.
35 Sarta padha munjuka: “Kawula mugi sami
Paduka luwari, dhuh Yehuwah Allah,
juru-Wilujeng kawula sadaya,
saha karsaa ngempalaken kawula sadaya
punapa dene karsaa nguwalaken saking
ing antawisipun para bangsa,
supados kawula lajeng sami ngunjukaken
panuwun dhumateng asma Paduka
ingkang suci,
saha supados ageng manah kawula ing
salebeting panggunggung-nggugung
dhumateng Paduka.”
36 Pinujia Pangeran Yehuwah, Gusti Allahe
Israel,
wiwit saka ing kalanggengan tumeka ing
kalanggengan.
Wong saumat kabeh banjur padha ngucap:
“Amin! Padha ngluhurna Pangeran
Yehuwah!”

Para wong kang tinanggenah nindakake kawajiban ngibadah

16:37-43

37 Sang Prabu Dawud banjur nilar Asaf lan
para sadulure sakulawangsa ana ing kono,
yaiku ana ing ngarepe pethi prajanjianing
Pangeran Yehuwah, supaya tetep leladi ana

ing ngarepe pethi iku ing bab apa kang pantes
katindakake saben dina; 38 uga Obed-Edom
lan para sadulure tunggal kulawangsa, kang
cacahe sawidak wolu; Obed-Edom bin Yedutun
lan Hosa iku kang padha njaga gapura.
39 Nanging Imam Zadhok lan para sadulure
tunggal kulawangsa, para imam, iku katilar
ana ing ngarepe Tarube Suci Pangeran
Yehuwah ana ing tengger pangurbanan
ing Gibeon, 40 supaya esuk lan sore ajeg
ngunjukakake kurban obaran marang Pangeran
Yehuwah ana ing misbyah kurban obaran lan
supaya nindakake sakehe kang katulis ana
ing angger-angger Pangeran Yehuwah, kang
kadhawuhake marang wong Israel. 41 Anadene
kang dadi kanthine iku Heman lan Yedutun
tuwin saluwihe wong-wong kang padha
panilih kang kasebut jenenge supaya padha
ngidungake: "Puji sokur kagem Pangeran
Yehuwah, awitdene sih-susetyane iku langgeng
ing salawase." 42 Heman lan Yedutun mau
padha kapasrahan kalasangka lan kecer
kanggo para kang kawajiban ngunekake, lan
uga piranti-piranti musik, kang kanggo ngiringi
kekidungan kagem Gusti Allah. Anadene para
anake Yedutun iku padha tunggu gapura.
43 Sawuse mangkono wong sabangsa kabeh
banjur padha mulih menyang ing omahe
dhewe-dhewe, sarta Sang Prabu Dawud
iya kondur arep paring slamet marang
kulawargane.

Janji bab Padaleman Suci kang bakal kaadegake dening Sang Prabu Saleman

17:1-15

2Sa 7:1-17

17 [1] Bareng Sang Prabu Dawud wus
lestari anggone dedalem ing karatone,
Sang Prabu ngandika marang Nabi Natan:
"Lah kula punika ngenggeni karaton kajeng
eres, mangka pethi prajanjianipun Pangeran
Yehuwah kok wonten ing sangandhaping
tendha." [2] Unjuke Nabi Natan marang Sang
Prabu Dawud: "Sumangga, panjenengan
dalem kawula aturi nindakaken punapa
ingkang wonten ing salebeting panggalih
dalem, awit Gusti Allah nunggil kaliyan
panjenengan dalem."
[3] Nanging ing bengi iku uga Gusti Allah
paring pangandika marang Nabi Natan
mangkene: [4] "Mangkata, sira matura marang
abdiningSun Dawud: Makaten pangandikaning
Pangeran Yehuwah: Dudu sira kang bakal
ngedegake padaleman kagem Ingsun, kang
bakal Sundalemi. [5] Ingsun ora tau manggen
ing padaleman wiwit Ingsun ngirid metu
wong Israel nganti saprene, nanging Ingsun
ngumbara ana ing tarub-tarub, lan ing
pasanggrahan-pasanggrahan. [6] Salawase
Ingsun ngumbara kalawan wong Israel kabeh,
apa Ingsun tau ngandika marang salah
sawijining hakime Israel, kang Sundhawuhi
ngengon umatingSun, mangkene: Yagene

sira ora ngyasakake Ingsun padaleman
kayu eres? [7] Awit saka iku sira matura
mangkene marang abdiningSun Dawud:
makaten pangandikanipun Pangeran Yehuwah,
Gustining sarwa tumitah: Ingsun kang
nimbali sira saka ing ara-ara, nalika nggiring
wedhus, supaya dadia ratuning umatingSun
Israel. [8] Ingsun wus nunggil kalawan sira
ana ing sakehe panggonan kang sira ambah
lan wus nyirnakake sakehe mungsuhira
saka ing ngarepira. Ingsun bakal damel
jenengira kaya jenenge para wong agung
kang ana ing bumi. [9] Ingsun bakal namtokake
panggonan kanggo umatingSun Israel,
bakal Suntanem, supaya bisa manggon ing
papane dhewe lan ora dieget-egeti sarta
ditindhes dening para wong ambek-siya
kaya dhek biyen, [10] wiwit Ingsun ngangkat
para hakim kanggo umatingSun Israel.
Ingsun bakal nelukake sakehing mungsuhira.
Ingsun uga paring sumurup marang sira:
Pangeran Yehuwah bakal mbangun karajan
kang turun-tumurun. [11] Samangsa umurira
wus ganep lan banjur mangkat menyang
ing panggonaning leluhurira, Ingsun bakal
njumenengake turunira ing sapungkurira,
yaiku salah sawijining anakira, iku karajane
bakal Sunsantosakake. [12] Iku kang bakal
ngyasakake padalemaningSun sarta Ingsun
bakal nyantosakake dhampare kanggo
ing salawase-lawase. [13] Ingsun bakal
dadi Ramane, lan dheweke bakal dadi
putraningSun. Apadene sih-susetyaningSun

bakal ora Sunsingkirake saka ing dheweke, ora
kaya anggoningSun wus nyingkirake iku saka
wong kang wus ndhisiki sira. 14 Sabanjure
Ingsun bakal nyantosakake dheweke ana ing
padalemaningSun lan ana ing karajaningSun
kanggo ing salawas-lawase, sarta dhampare
bakal santosa ing salawas-lawase."
15 Nabi Natan anggone munjuk marang Sang
Prabu Dawud ngetrepi pangandika iku sarta
iya ngetrepi wahyu iku.

Donga panuwun kang kaunjukake dening Sang Prabu Dawud

17:16-27

2Sa 7:18-29

16 Sang Prabu Dawud tumuli lumebet lan
banjur ngadhep ana ing ngarsaning Pangeran
Yehuwah kalawan munjuk: "Sinten ta kawula
punika, dhuh Yehuwah Allah saha sinten
brayat kawula punika, dene Paduka ngantos
karsa ndadosaken kawula kados makaten
punika? 17 Sarta bab punika taksih kirang
wonten ing paningal Paduka; dhuh Allah;
awit saking punika Paduka sampun ngandika
ugi tumrap brayating abdi Paduka punika
ing wekdal ingkang taksih dangu saha
sampun paring sumerep dhateng kawula
bab urut-urutaning tiyang ingkang badhe
wonten, dhuh Yehuwah Allah. 18 Punapa malih
ingkang saged kawewahaken dening Dawud
dhumateng Paduka gegayutan kaliyan anggen
Paduka paring kaluhuran dhumateng abdi

Paduka punika? Punapa sanes Paduka ingkang
nguningani kawontenanipun abdi Paduka
punika? 19 Dhuh Yehuwah, margi saking abdi
Paduka punika saha manut panggalih Paduka
anggen Paduka sampun nindakaken pakaryan
ingkang agung punika sadaya kalayan paring
sumerep bab sakathahing prakawis ingkang
ageng punika. 20 Dhuh Yehuwah, boten wonten
ingkang nyameni Paduka, saha boten wonten
Gusti Allah sanesipun kajawi Paduka, manut
sadaya ingkang sami kawula pirengaken.
21 Punapa dene bangsa ing pundi ing bumi
ingkang kados umat Paduka Israel, ingkang
Gusti Allahipun tumandang ngluwari umat
wau lajeng kadadosaken umatipun, supados
asma Paduka dados misuwur margi saking
pakaryan-pakaryan Paduka ingkang agung
saha nggegirisi, saha margi saking anggen
Paduka ngesahaken para bangsa saking ing
sangajenging umat Paduka, ingkang sampun
Paduka luwari saking ing tanah Mesir? 22 Umat
Paduka Israel sampun Paduka dadosaken umat
Paduka ing salami-laminipun, dene Paduka,
dhuh Yehuwah, dados Gusti Allahipun.
23 Dene sapunika, dhuh Yehuwah, janji
ingkang Paduka ngandikakaken tumrap abdi
Paduka saha tumrap brayatipun punika,
mugi Paduka lestantunaken saha mugi
Paduka tindakaken kados ingkang Paduka
prasetyakaken punika. 24 Manawi makaten
asma Paduka badhe dados santosa lan
agung ing salami-laminipun, satemah tiyang
lajeng badhe ngucap: Pangeran Yehuwah,

Gustining sarwa tumitah, Gusti Allahe Israel
iku jumeneng Gusti Allah kanggo wong Israel;
brayatipun abdi Paduka lajeng badhe lestantun
santosa wonten ing ngarsa Paduka. 25 Amargi
Paduka, dhuh Allah kawula, sampun pratela
dhumateng abdi Paduka punika, bilih Paduka
badhe mbangun turunipun. Inggih punika
sababipun, mila abdi Paduka punika lajeng
kumawantun ngunjukaken pandonga punika
wonten ing ngarsa Paduka. 26 Awit saking
punika, dhuh Yehuwah, Paduka punika Gusti
Allah, ingkang sampun paring prajanji bab
prakawis ingkang sae punika dhumateng
abdi Paduka. 27 Paduka sapunika mugi karsaa
paring berkah dhumateng brayat kawula
punika, supados lestantun wonten ing ngarsa
Paduka ing salami-laminipun. Amargi punapa
ingkang Paduka berkahi, dhuh Yehuwah,
badhe kaberkahan ing salami-laminipun."

Kaunggulan-kaunggulane Sang Prabu Dawud

18:1-13

2Sa 8:1-14

18 1 Sawuse mangkono Sang Prabu
Dawud banjur nggecek wong Filisti,
temah padha disorake; nuli ngrebat Gat lan
wewengkone kabeh saka ing tangane wong
Filisti.
2 Sang Prabu Dawud tumuli nggepuk wong
Moab, temah wong Moab padha teluk lan
padha caos bulu-bekti.

3 Sabanjure Sang Prabu Dawud ngawonake
Sang Prabu Hadadezer, ratu ing Zoba, ana ing
sacedhake Hamat, nalika pinuju tindak arep
ngiyatake pangwaose ing bengawan Efrat.
4 Sang Prabu Dawud ngrebat kretane sewu,
prajurite jaranan pitung ewu lan wadya-bala
dharat rong puluh ewu, Sang Prabu Dawud
banjur dhawuh ngethoki otote sakehe jaran
rakitan, kang dikarekakake mung jaran rakitan
satus. 5 Wong Aram ing Damaskus nuli
padha teka mbiyantu Sang Prabu Hadadezer,
ratu ing Zoba, nanging wong Aram mau
kasirnakake dening Sang Prabu Dawud rolikur
ewu. 6 Sawuse iku Sang Prabu Dawud paring
wadya-bala pendhudhukan ana ing wilayahe
wong Aram ing Damaskus, sarta wong Aram
padha dadi kawulane Sang Prabu Dawud,
kang kudu asok bulubekti. Pangeran Yehuwah
paring kaunggulan marang Sang Prabu Dawud,
menyanga ngendi bae anggone andon perang.
7 Sang Prabu Dawud nuli dhawuh ngusungi
tameng-tameng emas kang dianggo dening
para abdine Sang Prabu Hadadezer, kagawa
menyang ing Yerusalem. 8 Lan saka ing Tibkhat
lan saka ing Kun, yaiku kutha-kuthane Sang
Prabu Hadadezer, Sang Prabu Dawud mundhuti
tembaga akeh banget, iku ing tembe kaagem
dening Sang Prabu Suleman yasa “sagaran”
tembaga saka-saka lan prabot tembaga.
9 Bareng Sang Prabu Tou, ratu ing Hamat,
midhanget, manawa Sang Prabu Dawud wus
ngawonake sakehe wadya-balane Sang Prabu
Hadadezer, ratu ing Zoba, 10 banjur utusan

Pangeran Hadoram, kang putra, sowan ing ngarsane Sang Prabu Dawud, kadhawuhan ngaturake salam lan ngaturake sugeng, dene Sang Prabu Dawud wus unggul ing perang nglawan Sang Prabu Hadadezer, awit Sang Prabu Hadadezer kerep merangi Sang Prabu Tou. Sarta Pangeran Hadoram mau iya ngasta barang mas, salaka lan tembaga warna-warna.
11 Barang-barang iku uga didhewekake dening Sang Prabu Dawud, mung mligi kagem Pangeran Yehuwah, kaya dene salaka lan emas kang diangkati saka ing sakehe bangsa, yaiku saka wong Edom, wong Moab wong bani Amon, wong Filisti lan saka wong Amalek.
12 Sang Abisai, putrane Sang Zeruya, nyirnakake wong Edom wolulas ewu ana ing
Lebak Asin, 13 banjur ndekek wadya-bala
pendhudhukan ana ing Edom kono, satemah wong Edom kabeh padha dadi kawulane Sang Prabu Dawud. Pangeran Yehuwah paring kaunggulan marang Sang Prabu Dawud menyanga ngendi bae anggone nglurug perang.

Para punggawane Sang Prabu Dawud

18:14-17

2Sa 8:15-18, 20:23-26

14 Kaya mangkono anggone Sang Prabu Dawud ngasta paprentahan ana ing sawewengkone Israel kabeh lan anggone njejegake kaadilan lan kabeneran kanggo
wong sabangsa kabeh. 15 Sang Yoab, putrane

Sang Zeruya, dadi panggedhening wadya-bala;
Sang Yosafat bin Ahilud dadi hartaka, 16 Sang
Zadhok bin Ahitub lan Sang Akhimelekh bin
Abyatar padha jumeneng imam, Sang Sausa
dadi panitra; 17 Sang Benaya bin Yoyadha
dadi tetindhihing wong Kreti lan wong Pleti,
dene para putrane Sang Prabu Dawud iku
pinaringan kalenggahan kang dhuwur dhewe,
kang padha mbiyantu Sang Nata.

Sang Prabu Dawud perang nglawan wong Amon lan wong Aram

19:1-19

2Sa 10:1-19

19 1 Sawuse iku Sang Prabu Nahas,
ratuning bani Amon, seda, kang
putra banjur jumeneng ratu nggentosi
panjenengane. 2 Sang Prabu Dawud nuli
ngandika: "Ingsun bakal ngatingalake
anggoningsun memitran kalawan Sang Prabu
Hanun bin Nahas, amarga kang ramane
memitran kalawan ingsun." Mulane Sang
Prabu Dawud tumuli ngintunake utusan
kadhawuhan ngaturake belasungkawa marang
panjenengane, marga saka sedane kang
ramane. Nanging bareng para abdine Sang
Prabu Dawud tekan ing ngarsane bani Amon
lan sowan ing ngarsane Sang Prabu Hanun
prelu ngaturake bela-sungkawa marang
panjenengane, 3 para panggedhene bani Amon
padha munjuk marang Sang Prabu Hanun:
"Punapa miturut panggalih dalem Sang Prabu

Dawud badhe nyaosi pakurmatan dhateng
rama dalem, anggenipun ngintunaken para
utusan sowan ing ngarsane dalem prelu
ngaturaken bela-sungkawa punika? Punapa
boten kanthi sedya badhe niti-priksa, nelik
saha lajeng badhe nyirnakaken nagari punika,
anggenipun para punggawanipun sami sowan
ing ngarsa dalem punika?”
4 Sang Prabu Hanun tumuli dhawuh nyekel
para abdine Sang Prabu Dawud mau, kang
banjur dicukur sarta sandhangane ing tengah
dikethok nganti tekan ing cethik, sawuse
mangkono banjur diculake. 5 Nalika iku padha
mulih, ana kang munjuk marang Sang Prabu
Dawud bab para utusan mau, Sang Prabu
nuli utusan abdi nemoni, sabab wong-wong
mau banget anggone padha digawe wirang.
Pangandikane Sang Nata: “Sira padha
manggona ing Yerikho nganti jenggotira
thukul, banjur padha balia.”
6 Bareng bani Amon padha sumurup, manawa
pada dadi jalarane disengiti dening Sang
Prabu Dawud, Sang Prabu Hanun lan bani
Amon banjur kintun talenta salaka sewu
kanggo nyewa kreta lan prajurit marang
Aram-Mesopotamia, Aram-Maakha lan marang
Aram-Zoba. 7 Kang disewa kreta telung
puluhloro ewu sarta ratu ing nagara Maakha
sawadya-balane, kang banjur padha budhal
lan makuwon ing sacedhake Medeba. Uga bani
Amon padha nglumpuk saka ing kutha-kuthane
lan bakal perang. 8 Bareng Sang Prabu Dawud
midhanget bab iku, banjur dhawuh marang

Sang Yoab supaya maju perang kalawan
mbekta sakehing wadya-bala lan para prawira.
9 Bani amon tumuli padha ngetoni, anggone
nata pabarisan ana ing sangarepe gapuraning
kutha, dene para ratu kang padha rawuh,
padha makuwon ana ing ara-ara. 10 Bareng
Sang Yoab mirsa, manawa bakal katempuh
saka ing ngarep lan saka ing buri, banjur milih
saperanganing wong pepilihan Israel, tumuli
nata pabarisane adhep-adhepan karo wong
Aram. 11 Kekarene wadya-bala kapasrahake
marang pimpinaning Sang Abisai, rayine kang
banjur nata pabarisane adhep-adhepan karo
wong Amon. 12 Sang Yoab nuli ngandika:
“Manawa wong Aram iku kakuwatane ngluwihi
aku kowe nulungana aku, dene manawa
bani Amon kakuwatane ngluwihi kowe, kowe
bakal daktulungi. 13 Ditatag atimu lan ayo
padha dikendel, iki kanggo bangsa kita
lan kanggo kutha-kuthane Gusti Allah kita.
Pangeran Yehuwah mugi karsaa nindhakake
apa kang becik ana ing paningale.” 14 Sang
Yoab sawadya-balane tumuli nempuh wong
Aram, temah wong iku padha lumayu ana
ing ngarepe. 15 Bareng bani Amon sumurup,
manawa wong Aram wus padha lumayu, iya
banjur padha lumayu uga ana ing ngarsane
Sang Abisai, rayine Sang Yoab, lan padha
lumebu ing kutha. Sawuse iku Sang Yoab nuli
kondur menyang ing Yerusalem.

16 Bareng wong Aram sumurup, manawa wus
padha disorake dening wong Israel, tumuli
padha ngirimake utusan lan njaluk supaya

wong Aram ing sabrange bengawan Efrat
padha maju perang kapimpin dening Sang
Sofakh, tetindhihe wadya-balane Sang Prabu
Hadadezer. [17] Bareng bab iku kauningakake
marang Sang Prabu Dawud, wong Israel kabeh
nuli padha dikumpulake, banjur mangkat
menyang ing sabranging bengawan Yarden lan
bareng wus tekan ing panggonaning mungsuh,
tumuli nata pabarisane sumedya nglawan
mungsuh mau. Bareng Sang Prabu Dawud nata
pabarisane adhep-adhepan karo wong Aram,
wong Aram nuli padha nempuh panjenengane,
[18] nanging wong Aram iku padha lumayu
saka ing ngarepe wong Israel, lan saka wong
aram mau kang kasirnakake dening Sang
Prabu Dawud jaran rakitan ana pitung ewu
lan wadya-bala dharat patang puluh ewu,
uga Sang Sofakh, tetindhihing wadya-bala
tumeka ing pati. [19] Bareng wong kang padha
teluk marang Sang Prabu Hadadezer, sumurup
manawa wus kaesorake dening wong Israel,
tumuli padha bedhami karo Sang Prabu Dawud
lan teluk marang panjenengane; sawuse iku
wong Aram ora gelem aweh pitulungan maneh
marang bani Amon.

Perang nglawan bani Amon rampung

20:1-3

2Sa 12:26-31

20 [1] Ing nalika gantining taun, ing wancine
para ratu lumrahe padha andon perang,
Sang Yoab nglurugake wadya-balane, banjur

nyirnakake nagarane bani Amon; sawuse iku
nuli ngepang kutha Raba, dene Sang Prabu
Dawud piyambak kantun ana ing Yerusalem.
Sang Yoab nggebag Raba nganti kalah, lan
banjur kagempur. 2 Makuthane rajane nuli
kapundhut dening Sang Prabu Dawud, iku
bobote satalenta emas, sarta mawa sesotya
siji kang larang regane; makutha iku banjur
kaagem dening Sang Prabu Dawud. Sabanjure
akeh banget jarahan kang diusungi saka
ing kutha kono. 3 Kang manggon ing kutha
iku padha diboyongi lan dietrapi pagawean
peksan kalawan migunakake graji, bur
wesi lan wadung. Kang mangkono iku uga
katandukake marang sakehe kuthane bani
Amon. Sawuse iku Sang Prabu Dawud tumuli
kondur kadherekake ing sawadya-balane
kabeh menyang ing Yerusalem.

Perang nglawan wong Filisti

20:4-8

2Sa 21:18-22

4 Sawuse mangkono tuwuh peperangan
nglawan wong Filisti ana ing Gezer; ing nalika
iku Sibkhai, wong ing Husa, mateni Sipai,
panunggalane wong turuning wong gedhe
dhuwur ngedab-edabi, iku padha ditelukake.
5 Nuli ana peperangan maneh nglawan wong
Filisti; nalika iku Elhanan bin Yair mateni
Lakhmi, sadulure Goliat, wong Gat, lan
landheyaning tumbake gedhene sangilinganing
tukang tenun.

6 Banjur ana peperangan maneh ing Gat; ing
kono ana wong kang gedhe dhuwur, tangan
lan sikile drijine ngenem, dadi gunggunge
patlikur; iki uga kagolong turuning wong
gedhe-dhuwur ngedab-edabi. 7 Wong mau
ngala-ala marang wong Israel, wasana banjur
dipateni dening Sang Yonatan bin Simea,
rakane Sang Prabu Dawud.
8 Wong iku padha kagolong turuning wong
gedhe dhuwur ngedab-edabi ing Gat, sarta
padha mati dening astane Sang Prabu Dawud
lan dening tangane para abdine.

Cacah jiwa lan paukuman

21:1-17

2Sa 24:1-17

21 1 Kacarita iblis gumregah nglawan wong
Israel sarta mbujuk marang Sang Prabu
Dawud supaya ngetung wong Israel. 2 Sang
Prabu Dawud nuli ngandika marang Sang
Yoab lan marang para panggedhening rakyat:
“Sira padha mangkata, cacahna wong Israel
wiwit ing Bersyeba nganti tekan ing Dhan
sarta oleh-olehane aturna marang ingsun,
supaya ingsun nguningani cacahe.” 3 Unjuke
Sang Yoab: “Mugi-mugi Pangeran Yehuwah
mewahana kaping satusipun ingkang wonten
punika. Dhuh Gusti kawula Sang Prabu,
punapa sadaya punika sanes abdi paduka?
Punapa sababipun dene Gusti kawula kok
kagungan karsa makaten? Punapa sebabipun
dene tiyang Israel kedah nanggel kalepatan

margi saking prakawis punika?” 4 Ewasamono
dhawuhing ratu iya kapeksa katindakake
dening Sang Yoab; mulane Sang Yoab banjur
tindak ndlajahi wewengkone Israel kabeh,
nuli bali menyang ing Yerusalem. 5 Sang Yoab
nuli ngaturake oleh-olehane cacah-jiwaning
rakyat. Ing antarane wong Israel kabeh ana
sayuta satus ewu kang bisa nyekel pedhang,
lan wong Yehuda ana patang atus pitung puluh
ewu kang bisa nyekel pedhang. 6 Anadene
wong Lewi lan Benyamin ora kalebokake ing
cacah jiwa, amarga dhawuhe Sang Prabu iku
kaanggep nistha dening Sang Yoab.
7 Nanging prakara iki ala ana ing paningaling
Sang Yehuwah, mulane wong Israel banjur
kagebag dening Gusti Allah. 8 Sang Prabu
Dawud nuli munjuk marang Gusti Allah:
“Kawula dosa sanget; jalaran kawula tumindak
makaten punika; milanipun sapunika Paduka
mugi karsaa nebihaken kalepataning abdi
Paduka, amargi pratingkah kawula punika
gemblung sanget.” 9 Nanging Pangeran
Yehuwah banjur ngandika marang Gad,
wonge sidik Sang Prabu Dawud: 10 “Sira
mangkata, matura marang Dawud: Makaten
pangandikanipun Pangeran Yehuwah:
Ingsun ngajengake telung prakara ana
ing ngarepira; sira miliha salah siji, iku
bakal Suntandukake marang sira.” 11 Gad
tumuli sowan marang ing ngarsane Sang
Prabu Dawud lan banjur munjuk: “Makaten
pangandikanipun Pangeran Yehuwah: Sira
miliha: 12 telung taun pailan utawa telung

sasi lawase keplayu saka ing sangareping
mungsuhira, tur sira kasusul ing pedhanging
mungsuhira, apa ing sajroning telung dina
pedhanging Yehuwah, yaiku pageblug, ana ing
nagara kene, lan Malaekate Sang Yehuwah
nganakake pepati ana ing saindenge tanahe
wong Israel kabeh. Milanipun sapunika paduka
kawula aturi nggalih, wangsulan punapa
ingkang kedah kawula unjukaken dhateng
ingkang ngutus kawula." 13 Sang Prabu Dawud
tumuli ngandika marang Gad: "Manah kawula
sisah sanget, keparenga kula dhumawah
ing astaning Yehuwah, awit ageng sanget
sihkadarmanipun; nanging sampun ngantos
kula dhumawah ing tanganing manungsa."
14 Ing kono Pangeran Yehuwah banjur
ndhatengake pageblug ana ing antarane wong
Israel, wong Israel kang mati pitung puluh
ewu. 15 Gusti Allah uga ngutus malaekat
menyang ing Yerusalem supaya nganakake
pepati, nanging bareng arep tumindak,
Pangeran Yehuwah mirsani bab iku temah
banjur apiduwung dene arsa ndhatengake
kasangsaran iku, wasana banjur ngandika
marang malaekating pepati mau: "Wus
cukup! Saiki tanganira sira undurna!" Ing
nalika iku Malaekate Pangeran Yehuwah lagi
jumeneng ana ing sacedhake panutone Ornan,
wong Yebus. 16 Bareng Sang Prabu Dawud
tumenga, mirsa Malaekate Sang Yehuwah
jumeneng ing antarane bumi lan langit, astane
nyepeng pedhang ligan, kang kaacungake
ing dhuwure Yerusalem, Sang Prabu Dawud

lan para pinituwa, kalawan mangagem bagor,
banjur padha sujud. 17 Sang Prabu Dawud
munjuk marang Gusti Allah: “Rak kawula
punika ingkang aken ngetang rakyat, saha
kawula piyambak ingkang dosa tuwin ingkang
nindakaken piawon, nanging menda-menda
punika sami nglampahi punapa? Dhuh
Pangeran Yehuwah, Gusti kawula, asta Paduka
mugi ndhawahana kawula saha kulawangsa
kawula, nanging sampun ngantos tumempuh
dhateng umat Paduka.”

Misbyah ing sacedhake Yerusalem

21:18--22:1

2Sa 24:18-25

18 Sawuse mangkono Malaekating Pangeran
Yehuwah tumuli utusan Gad matur marang
Sang Prabu Dawud, manawa Sang Prabu
Dawud kadhawuhan tindak sarta yasa misbyah
kagem Pangeran Yehuwah ana ing papan
panutone Ornan, wong Yebus. 19 Sang Prabu
Dawud banjur tindak miturut ature Gad kang
kaucapake demi asmaning Pangeran Yehuwah.
20 Ornan lagi nutu gandum, bareng mengo
weruh Malaekate mau; anake papat, kang
melu dheweke, padha ndhelik. 21 Bareng
Sang Prabu Dawud rawuh ing panggonane
Ornan, Ornan ndengengek lan bareng weruh
Sang Prabu Dawud, tumuli metu saka ing
papan panutone sarta banjur sujud ana ing
ngarsane Sang Prabu Dawud, raine konjem
ing bumi. 22 Sang Prabu Dawud ngandika

marang Ornan: “Papan panuton iki caosna
marang ingsun, arep sundegi misbyah kagem
Pangeran Yehuwah. Prayogane caosna marang
ingsun kalawan rega samesthine, supaya
wewelak iki lereh anggone nempuh rakyat.”
[23] Atur wangsulane Ornan marang Sang
Prabu Dawud: “Sumangga kawula aturi
mundhut, Gusti kawula Sang Prabu mugi
karsaa nindakaken punapa ingkang kagalih
sae. Lah, kawula ngunjukakaken lembu punika
kagem kurban obaran, sarta keser panuton
punika kagem kajeng bong, dene gandum
punika kagem kurban dhaharan, sadaya
punika kawula caosaken.” [24] Nanging Sang
Prabu Dawud ngandika marang Ornan: “Ora
mangkono, iku arep sunpundhut kanthi rega
samesthine, awit ingsun ora karsa mundhut
darbekira kagem Pangeran Yehuwah lan ora
karsa saos kurban obaran, kang ora kalawan
mbayar apa-apa.” [25] Sang Prabu Dawud nuli
maringi marang Ornan emas bobote nem atus
sekel, minangka patukone panggonan iku.
[26] Sang Prabu Dawud banjur yasa misbyah
kagem Pangeran Yehuwah ana ing kono, tumuli
caos kurban obaran lan kurban kaslametan
sarta nyebut marang Sang Yehuwah. Pangeran
Yehuwah iya banjur paring wangsulan marang
panjenengane kanthi geni kang tumurun
saka ing langit marang ing dhuwure misbyah
kurban obaran mau. [27] Pangeran Yehuwah
nuli dhawuh marang malaekat mau supaya
mrangkakake pedhange.

28 Ing nalika iku uga Sang Prabu Dawud
nyaosake kurban obaran ana ing kono,
bareng mirsa, manawa Pangeran Yehuwah
wus paring wangsulan marang panjenengane
ana ing papan panutone Ornan wong Yebus
mau. 29 Tarub suci yasane Nabi Musa ana
ing pasamunan lan misbyah kurban obaran
ing nalika iku ana ing tengger pangurbanan
ing Gibeon. 30 Nanging Sang Prabu Dawud
ora wani tindak mrana, sowan marang ing
ngarsaning Allah nyuwun pitedahe amarga
ajrih marang pedhange Malaekating Sang
Yehuwah mau.

22 1 Sang Prabu Dawud banjur ngandika:
"Ana ing kene iki padalemaning
Pangeran Yehuwah, Gusti Allah kita, lan ana
ing kene iki misbyahe wong Israel kanggo saos
kurban obaran."

Pacawisan kanggo adege Padaleman Suci

22:2-19

2 Sang Prabu Dawud dhawuh nglempakake
para wong manca kang ana ing nagarane wong
Israel lan banjur ngangkat tukang-tukang kang
natani watu kanggo ngedegake padalemaning
Allah 3 Karodene Sang Prabu Dawud nyawisake
wesi akeh banget kanggo gawe paku kang
kanggo gapura lan bakale angkur, uga
tembaga akeh banget kang nganti ora kena
tinimbang bobote, 4 sarta kayu eres kang
cacahe ora kena ditung, amarga wong Sidon
lan wong Tirus padha nggawa kayu eres akeh

banget kagem Sang Prabu Dawud. 5 Amarga
Sang Prabu Dawud nggalih: “Suleman,
putraningsun, isih timur lan pengalamane
kurang, mangka padaleman kang bakal kayasa
kagem Pangeran Yehuwah iku gedhene kudu
ngleluwihi, satemah banjur kondhang lan
misuwur ana ing sakehing nagara, mulane
ingsun becik cecawis!” Sang Prabu Dawud nuli
cecawis akeh banget sadurunge seda.
6 Sawuse iku kang putra Pangeran Suleman
banjur katimbalan lan kaparingan dhawuh
piweling supaya yasa padaleman kagem
Pangeran Yehuwah, Gustu Allah Israel,
7 mangkene pangandikane marang Pangeran
Suleman: “He putraningsun, ingsun piyambak
kagungan karsa arep yasa padaleman kagem
Pangeran Yehuwah, Gusti Allahingsun,
8 nanging nuli ana pangandikaning Pangeran
Yehuwah marang ingsun mangkene: Sira
wus ngwutahake getih akeh banget lan wus
nglakoni perang gedhe. Mulane sira aja
ngedegake padaleman kagem asmaningSun,
amarga wus akeh getih kang sira wutahake
ing lemah ana ing ngarsaningSun. 9 Lah
sira bakal duwe anak lanang, kang bakal
dadi wong kang pinaringan katentreman.
Iku bakal Sunparingi katentreman, uwal
saka ing sakehe mungsuhe ing sakubenge.
Bakale jenenge Suleman; tentrem-rahayu lan
santosa bakal Sunparingake marang Israel
ing salawase madege. 10 Iku kang bakal
yasa padaleman kagem asmaningSun lan iya
dheweke iku kang bakal dadi putraningSun,

sarta Ingsun bakal jumeneng dadi Ramane;
dhamparing karatone ing Israel bakal
Sunkukuhake nganti ing salawas-lawase.
11 Mulane saiki, he putraningsun, Pangeran
Yehuwah muga nganti marang sira, satemah
sira kelakon bisa ngedegake padalemaning
Pangeran Yehuwah, Gusti Allahira, kayadene
kang wus kapangandikakake tumrap sira.
12 Mung bae, Pangeran Yehuwah muga
maringi sira kalimpadan lan pangreten
sarta karsa ngangkat sira dadi kang nyekel
paprentahan ing Israel, supaya sira netepana
angger-anggering Sang Yehuwah, Gusti
Allahira. 13 Sira bakal bisa nggayuh apa
kang sira karepake, manawa sira kalawan
setya nindakake katetepan-katetepan lan
pranatan-pranatan kang kadhawuhake dening
Pangeran Yehuwah marang Nabi Musa tumrap
wong Israel. Atinira disantosa lan ditatag, aja
wedi lan aja giris.
14 Lah sanadyan ana ing sajroning kasusahan,
ingsun wus nyawisake kanggo padalemaning
Sang Yehuwah iku emas satus ewu talenta
lan salaka sayuta talenta sarta tembaga lan
wesi akeh banget, nganti bobote ora kena
katimbang; ingsun uga wus nyawisake kayu
lan watu. Nanging prayogane sira wuwuhana
maneh. 15 Sarta maneh sira duwe tukang akeh
banget, tukang natahi watu, tukang batu,
tukang kayu lan para wong kang ahli ing bab
pagawean warna-warna, 16 ing babagan emas,
selaka, tembaga lan wesi kang cacahe ora

kena kaetung, wiwita tumandang! Pangeran
Yehuwah muga nganthia marang sira!”
[17] Sang Prabu Dawud nuli paring dhawuh
marang sakehe panggedhening Israel supaya
padha mbiyantu Pangeran Suleman, kang
putra, pangandikane: [18] “Rak Pangeran
Yehuwah, Gusti Allahira, kang nunggil kalawan
sira kabeh lan kang wus paring kaslametan
marang sira ana ing ngendi-endi. Lah
Panjenengane wus ngulungake para wong
kang manggon ing nagara kene marang
ing tanganingsun, satemah nagara iki teluk
ana ing ngarsane Pangeran Yehuwah lan
marang umate. [19] Mulane saiki, atinira lan
nyawanira udinen supaya padha ngupaya
marang Pangeran Yehuwah, Gusti Allahira. Sira
padha miwitana anggonira yasa pasucening
Pangeran Yehuwah, Gusti Allah, supaya pethi
prajanjianing Sang Yehuwah lan prabot suci
kagunganing Allah kena kagawa lumebu
marang ing padaleman kang kaedegake
kagem asmaning Sang Yehuwah.”

Wong Lewi padha kaperang-perang lan kaparingan kawajiban

23:1-32

23 [1] Kacarita bareng Sang Prabu Dawud
wus ngangkat sepuh lan wus akeh
banget yuswane, banjur njumenengake
Pangeran Suleman dadi ratu ing Israel. [2] Para
panggedhening Israel lan uga para imam
sarta para wong Lewi padha diklempakake.

3 Para wong Lewi kang umur telung puluh
taun munggah padha kaetung cacahe,
pangetunge siji-siji, gunggunge ana telung
puluh wolu ewu. 4 -- “Wong iki kang patlikur
ewu padha ngawat-ngawatana pagawean ing
padalemaning Pangeran Yehuwah; kang nem
ewu dadia tetindhih lan hakim; 5 kang patang
ewu dadia jaga gapura; lan kang patang ewu
gaweane memuji marang Pangeran Yehuwah
kalawan migunakake piranthi-piranthi musik
kang wus sunyasa kanggo ngrepekake
kekidungan,” mangkono pangandikane
Sang Prabu Dawud. 6 Wong mau uga padha
kaperang-perang dening Sang Prabu Dawud
dadi golongan-golongan manut para putrane
Rama Lewi, yaiku Gerson, Kehat lan Merari.
7 Kang kagolong wong Gerson yaiku Ladan
lan Simei. 8 Para putrane Rama Ladan yaiku
Yehiel, sawijining lelurah, lan Zetam sarta
Yoel, gunggung wong telu. 9 Para putrane
Rama Simei yaiku Selomit, Haziel, lan Haran,
gunggung wong telu; wong iki kang padha
dadi leluhure kulawangsa Ladan. 10 Para
putrane Rama Simei yaiku Yahat, Ziza, Yeusy
lan Beria;iku para putrane Rama Simei,
gunggunge papat. 11 Rama Yahat iku kang
dadi lurah, dene Rama Ziza iku wong kang
angka loro, nanging Rama Yeusy lan Rama
Beria putrane ora akeh, mulane mung dadi
sakulawangsa lan kalungguhane mung siji.
12 Para putrane Rama Kehat yaiku Amram,
Yizhar, Hebron lan Uziel, gunggung papat.
13 Para putrane Rama Amram yaiku Rama

Harun lan Nabi Musa; Rama Harun kapatah ngurus apa kang suci pinunjul, iya iku panjenengane dalah para turune, nganti ing salawas-lawase, yaiku ngobong kurban ana ing ngarsaning Pangeran Yehuwah, lelados marang Panjenengane sarta andum berkah demi asmane, nganti ing salawas-lawase.
14 Para putrane Nabi Musa, Abdining Allah, digolongake suku Lewi.
15 Para putrane Nabi Musa yaiku Gerson lan Eliezer.
16 Rama Gerson nurunake Sebuel, sawijining lelurah.
17 Rama Eliezer nurunake Rehabya, sawijining lelurah; Rama Eliezer ora peputra liyane, nanging putrane Rama Rehabya iku kehe ngedab-edabi.
18 Rama Yizhar nurunake Selomit, sawijining lelurah.
19 Putrane Rama Hebron yaiku Yeria, sawijining lelurah, Amarya, putra kang angka loro, Yahaziel, putra kang angka telu lan Yekameam, putra kang angka papat.
20 Para putrane Rama Uziel yaiku Mikha, sawijining lelurah, lan Yisia, putra kang angka loro.

21 Para putrane Rama Merari yaiku Mahli lan Musi. Para putrane Rama Mahli yaiku Eleazar lan Kisy.
22 Bareng Rama Eleazar seda, ora tilar putra kakung, nanging mung putra putri; iki banjur padha digarwa dening para putrane Rama Kisy, sadhereke nak-sanak.
23 Para putrane Rama Musi yaiku Mahli, Eder lan Yeremot, gunggung telu.

24 Yaiku bani Lewi manut kulawangsane, para leluhure kulawangsane, nalika padha didaftar siji-siji cundhuk karo wilangane jenenge, urut-urutan, kang umur rong

puluh taun munggah, iku kang kawajiban
nindakake pagawean ing bab tata-pangibadah
ana ing padalemaning Sang Yehuwah.
25 Amarga Sang Prabu Dawud wus ngandika:
“Pangeran Yehuwah, Gusti Allahe Israel, wus
ngganjar kaslametan marang umate, sarta
Panjenengane dedalem ana ing Yerusalem
ing salawas-lawase. 26 Dadine wong Lewi wus
ora usah ngusung padaleman suci maneh
lan sakehing piranti kang kanggo nindakake
pangibadah ana ing kono.” 27 Saba miturut
dhawuhe Sang Prabu Dawud kang kari, kabeh
kang kadaftar iku para turune Rama Lewi kang
umur rong puluh taun munggah.” 28 “Anadene
kawajibane yaiku mbiyantu para turune Rama
Harun nindakake tatapangibadah ana ing
padalemane Pangeran Yehuwah, rumeksa
marang plataran, kamar-kamar sarta ing
bab njaga resike sakehe barang kang suci
apadene nindakake pagawean kang gegayutan
karo tatapangibadah ing padalemaning Allah.
29 Uga kawajiban nyawisake roti sesaosan lan
glepung kang becik dhewe kanggo kurban
dhaharan, roti tipis tanpa ragi, apa kang
kapanggang ing piranti pamanggangan, apa
kang kaubleg lan sakehe takeran lan ukuran.
30 Sabanjure iya kawajiban ngrepekakake kidung
panuwun lan pepujian kagem Pangeran
Yehuwah ing saben esuk, sarta uga ing saben
sore 31 apadene ing nalika ngunjukakake sakehe
kurban obaran marang Pangeran Yehuwah,
ing dina Sabat, ing sasi anyar lan ing dina
gedhe, miturut cacahe kang cocog karo

pranatan kang tumindak kanggo wong-wong
mau, minangka kawajiban kang tetep ana ing
ngarsaning Sang Yehuwah. 32 Wong-wong mau
uga kawajiban rumeksa marang Tarub Suci
lan papan suci sarta mbiyantu para tedhake
Rama Harun, yaiku para sadulure, ing bab
anggone nindakake tata pangibadah ana ing
padalemaning Sang Yehuwah.”

Para imam padha kaperang-perang dadi golongan-golongan

24:1-19

24 1 Iki golongan-golongan tedhake Imam
Harun. Para putrane Imam Harun
yaiku Nadab, Abihu, Eleazar lan Itamar.
2 Nanging Imam Nadab lan Imam Abihu
anggone tilar-donya luwih dhisik tinimbang
kang rama lan ora tilar putra kakung, mulane
kang kadunungan kalenggahan imam yaiku
Eleazar lan Itamar. 3 Sang Prabu Dawud
kabinyantu dening Imam Zadhok saka bani
Eleazar lan Imam Akhimelekh saka bani
Itamar, nggolong-nggolongake para wong
manut kawajibane ing sajrone nindakake tata
pangibadah. 4 Nuli kasumurupan, manawa
ing antarane turune Imam Eleazar sesirahe
golongan luwih akeh tinimbang ing antarane
turune Imam Itamar, mulane pamerange
mangkene: kanggo bani Eleazar lelurahing
kulawangsane ana nembelas, nanging kanggo
bani Itamar wolu. 5 Sabanjure anggone
merang-merang iku kalawan nguncalake

undhi tanpa kabedak-bedakake, awit turune
Imam Eleazar lan turune Imam Itamar ana
kang dadi “para pangarep suci” lan “para
pangareping Allah,” iku iya turune Eleazar
lan iya turune Itamar. 6 Anadene Semaya bin
Netaneel, panitrane, sawijining wong Lewi, iku
nulisi jeneng-jenenge ana ing ngarsane Sang
Prabu, para panggedhe Imam Zadhok, Imam
Akhimelekh bin Abyatar lan ana ing ngarepe
para lelurahing kulawangsane imam-imam lan
wong Lewi. Saben-saben saka trah Eleazar
kajupuk kulawangsa siji, mangkono uga saka
trah Itamar iya kulawangsa siji.

7 Undhian kang kawitan tumiba marang
Imam Yoyarib; kang kapindho marang Imam
Yedhaya; 8 kang katelu marang Imam Harim;
kang kaping pat marang Imam Seorim; 9 kang
kaping lima marang Imam Malkia; kang kaping
nem marang Imam Miyamin; 10 kang kaping
pitu marang Imam Hakos; kang kaping wolu
marang Imam Abia; 11 kang kaping sanga
marang Imam Yesua; kang kaping sepuluh
marang Imam Sekhanya; 12 kang kaping
sawelas marang Imam Elyasib; kang kaping
rolas marang Imam Yakim; 13 Kang kaping
telulas marang Imam Hupa; kang kaping
patbelas marang Imam Yesebeab; 14 kang
kaping limalas marang Imam Bilga; kang
kaping nembelas marang Imam Imer; 15 kang
kaping pitulas marang Imam Hezir; kang
kaping wolulas marang Imam Hapizes; 16 kang
kaping sangalas marang Imam Petahya; kang
kaping rongpuluh marang Imam Yehezkiel;

[17] kang kaping selikur marang Imam Yakhin;
kang kaping rolikur marang Imam Gamul;
[18] kang kaping telulikur marang Delaya; kang
kaping patlikur marang Imam Maazya. [19] Iku
bubuhane wong-wong mau ing sajrone padha
nindakake tata pangibadah, sawuse lumebu
ing padalemaning Sang Yehuwah, miturut ing
pranatan kang kaparingake marang dheweke
kabeh lumantar Imam Harun, leluhure, cocog
karo apa kang kadhawuhake dening Pangeran
Yehuwah, Gusti Allahe Israel.

Para kulawangsane wong Lewi

24:20-31

[20] Golongan kang isih kari saka bani Lewi,
saka para tedhake Rama Amram yaiku Subael,
saka turune Rama Subael, Yehdeya; [21] saka
turune Rama Rehabya yaiku Yisia, sawijining
lelurah; [22] saka turune Rama Yizhar yaiku
Selomot; saka turune Rama Selomot yaiku
Yahat. [23] Para putrane Rama Hebron yaiku
Yeria, sawijining lelurah, Amarya, putrane
kang angka loro, Yahaziel, kang angka telu,
lan Yekameam, kang angka papat. [24] Putrane
Rama Uziel yaiku Mikha; saka para turune
Rama Mikha yaiku Samir. [25] Sadhereke Rama
Mikha yaiku Yisia; saka para putrane Rama
Yisia yaiku Zakharia. [26] Turune Rama Merari
yaiku Rama Mahli lan Rama Musi, uga para
putrane Rama Yaazia, putrane. [27] Turune Rama
Merari saka Rama Yaazia, putrane, yaiku
Syoham, Zakur lan Hibri. [28] Saka Rama Mahli

yaiku Eleazar; iku ora peputra. 29 Saka Rama
Kisy yaiku Yerahmeel. 30 Para putrane Rama
Musi yaiku Mahli, Eder lan Yerimot. Iku bani
Lewi manut kulawangsane. 31 Iku iya padha
nguncalake undhi padha kaya para sadulure
tunggal suku, tedhake Rama Harun, ana ing
ngarsane Sang Prabu Dawud, Imam Zadhok,
Imam Akhimelekh lan ana ing ngarepe para
lelurahing kulawangsa, para imam lan wong
Lewi. Ing bab iki lelurahing kulawangsa iku
padha karo sadulure kang cilik dhewe.

Para juru ngidung

25:1-31

25 1 Sateruse kanggo pangibadah Sang
Prabu Dawud lan para panggedhening
wadya-bala padha ngangkat para anake Asaf,
para anake Heman lan para anake Yedutun.
Iku padha medhar wangsit kalawan diiringi
clempung, slukat lan kecer. Daftare para
wong kang padha nindakake pagawean ing
sajrone pangibadah iku mangkene: 2 saka
anake Asaf yaiku Zakur, Yusuf, Netanya lan
Arasela, para anake Asaf iku kapimpin dening
Asaf, kang medhar wangsit kanthi pitedahe
Sang Prabu. 3 Saka Yedutun yaiku anak-anake
Yedutun: Gedalya, Zeri, Yesaya, Simei,
Hasabya lan Matica, gunggung ana enem,
iku katuntun dening bapakne, Yedutun, kang
medhar wangsit diiringi ing clempung nalika
ngrepekakake kidung panuwun lan pepujian
kagem Pangeran Yehuwah. 4 Saka Heman

yaiku anak-anake Heman: Bukia, Matanya,
Uziel, Sebuel, Yerimot, Hananya, Hanani,
Eliata, Gidalti, Romamti-Ezer, Yosbekasa,
Maloti, Hotir lan Mahaziot. 5 Iku kabeh
padha anake Heman, juru sidike Sang Nata,
manut janjine Gusti Allah kanggo ngluhurake
singating kakiyatane; sabab Gusti Allah
wus maringi anak marang Heman, lanang
patbelas lan wadon telu. 6 Kabeh iku padha
kapimpin dening bapakne manawa pinuju
ngrepekakake kekidungan ana ing padalemaning
Sang Yehuwah diiringi ing clempung, slukat
lan kecer kanggo pangibadah ana ing
padalemaning Allah kalawan pitedahe Sang
Prabu. Kaya mangkono iku bani Asaf, Yedutun
lan Heman. 7 Cacahe karo para sadulure
kang wus kagladhi ngidung kagem Pangeran
Yehuwah -- kabeh iku padha ahli seni -- iku
ana rong atus wolung puluh wolu.
8 Tuwa anom, guru lan murid, padha
nguncalake undhi kanggo bubuhane. 9 Undhian
kang kawitan tumiba marang Yusuf wong
asaf; kang kapindho tumiba marang Gedalya
karo sadulur-sadulure lan anak-anake,
gunggung wong rolas; 10 Undhian kang
katelu tumiba marang Zakur, anak-anake
lan sadulur-sadulure, gunggung wong
rolas; 11 kang kaping pat tumiba marang
Yizri, anak-anake lan sadulur-sadulure,
gunggung wong rolas; 12 kang kaping lima
tumiba marang Netanya, anak-anake lan
sadulur-sadulure, gunggung wong rolas;
13 kang kaping nem tumiba marang Bukia,

anak-anake lan sadulur-sadulure, gunggung
wong rolas; 14 kang kaping pitu tumiba marang
Yesarela anak-anake lan sadulur-sadulure,
gunggung wong rolas; 15 kang kaping wolu
tumiba marang Yesaya, anak-anake lan
sadulur-sadulure, gunggung wong rolas;
16 kang kaping sanga tumiba marang Matanya,
anak-anake lan sadulur-sadulure, gunggung
wong rolas; 17 kang kaping sapuluh tumiba
marang Simei, anak-anake lan sadulur-
sadulure, gunggung wong rolas; 18 kang
kaping sewelas tumiba marang Azareel, anak-
anake lan sadulur-sadulure, gunggung wong
rolas; 19 kang kaping rolas tumiba marang
Hasabya, anak-anake lan sadulur-sadulure,
gunggung wong rolas; 20 kang kaping telulas
tumiba marang Subael, anak-anake lan
sadulur-sadulure, gunggung wong rolas;
21 kang kaping patbelas tumiba marang
Matica, anak-anake lan sadulur-sadulure,
gunggung wong rolas; 22 kang kaping limalas
tumiba marang Yeremot, anak-anake lan
sadulur-sadulure, gunggung wong rolas;
23 kang kaping nembelas tumiba marang
Hananya, anak-anake lan sadulur-sadulure,
gunggung wong rolas; 24 kang kaping pitulas
tumiba marang Yosbekasa, anak-anake lan
sadulur-sadulure, gunggung wong rolas;
25 kang kaping wolulas tumiba marang
Hanani, anak-anake lan sadulur-sadulure,
gunggung wong rolas; 26 kang kaping sangalas
tumiba marang Maloti, anak-anake lan
sadulur-sadulure, gunggung wong rolas;

27 kang kaping rongpuluh tumiba marang
Eliata, anak-anake lan sadulur-sadulure,
gunggung wong rolas; 28 kang kaping
selikur tumiba marang Hotir, anak-anake
lan sadulur-sadulure, gunggung wong rolas;
29 kang kaping rolikur tumiba marang Gidalti,
anak-anake lan sadulur-sadulure, gunggung
wong rolas; 30 kang kaping telulikur tumiba
marang Mahaziot, anak-anake lan sadulur-
sadulure, gunggung wong rolas; 31 kang
kaping patlikur tumiba marang Romamti-Ezer,
anak-anake lan sadulur-sadulure, gunggung
wong rolas.

Wong Lewi kang dadi jaga gapura lan liya-liyane

26:1-32

26 1 Anadene tumrap golonganing para
jaga lawang: saka bani Korakh yaiku
Meselemya bin Kore saka turune Ebyasaf.
2 Meselemya duwe anak, yaiku Zakharia, iku
kang pambarep, Yediael, anak kang angka
loro, Zebaja, anak kang angka telu, Yatniel,
anak kang angka papat, 3 Elam, kang angka
lima, Yohanan, kang angka enem, Elyoenai,
kang angka pitu. 4 Obed-Edom duwe anak,
yaiku Semaya, kang pambarep, Yozabad, kang
angka loro, Yoah, kang angka telu, Sakhar
kang angka papat, Netaneel, kang angka
lima, 5 Amiel, kang angka enem, Isakhar,
kang angka pitu lan Peuletai, kang angka
wolu, amarga kaberkahan dening Gusti Allah.

6 Semaya, anake Obed-Edom mau, duwe anak,
kang padha dadi lelurahing kulawangsane,
sabab padha wong prawira kang gagah
prakosa. 7 Dene anak-anake Semaya iku
yaiku Otni, Refael, Obed lan Elzabad sarta
para sadulure, yaiku Elihu lan Semakhya,
kabeh padha gagah prakosa. 8 Iku kabeh
padha turune Obed-Edom, iya wong-wong
iku dhewe, para anake lan para sadulure,
kabeh padha wong gagah prakosa, sembada
tumrap pagaweane, cacahe sawidak loro saka
Obed-Edom. 9 Dene Meselemya duwe anak
wolulas, klebu sadulure, iku wong gagah
prakosa.
10 Hosa saka bani Merari uga duwe anak,
yaiku Simri, iku dadi lelurah sabab sanadyan
dudu anak mbarep, nanging didadekake
lelurah dening bapakne -- 11 nuli Hilkia, anak
kang angka loro. Tebalya, kang angka telu
lan Zakharia, kang angka papat. Anak lan
sadulure Hosa iku ana telulas. 12 Golongan-
golonganing kang padha jaga lawang, kang
kabage-bage miturut lelurahing kulawarga
iku kawajiban leladi ana ing padalemaning
Sang Yehuwah, padha kaya sadulur-sadulure
tunggal suku. 13 Kanggo saben gapura
anggone njaga sarana nguncalake undhi,
manut kulawangsa-kulawangsane, tumrap
kulawangsa kang gedhe lan iya tumrap kang
cilik. 14 Undhian kanggo lawang wetan tumiba
marang Selemya; sabanjure padha nguncalake
undhi kanggo Zakharia, anake sawijining juru
pirembug kang wasis, tumibaning undhian

kanggo lawang lor. [15] Kanggo Obed-Edom lawang kidul lan kanggo anak-anake gedhong pasimpenan. [16] Kanggo Supim lan Hosa lawamg kulon karo gapura Syalekhet ing dalan gedhe uggah-unggahan. Wong jaga kang siji dipapanake sadhing sijine. [17] Ing sisih wetan saben dinane ana wong enem, ing sisih lor wong papat ing sisih kidul wong papat saben dinane, nanging ing gedhong pasimpenan wonge mesthi loro; [18] ing Parbar ing sisih kulon: wong papat ana ing dalan gedhe lan wong loro ana ing Parbar. [19] Iku golongan-golonganing para jaga lawang saka bani Korakh lan saka bani Merari.

[20] Para wong Lewi, para sadulure tunggal suku, kang rumeksa marang barang-barang ing padalemaning Allah lan kang rumeksa barang-barang suci: [21] bani Ladan, yaiku turune Gerson kang katurunake dening Ladan, iku kulawangsane dipanggedheni dening bani Yehiel. [22] Turune Yehiel, yaiku Zetam lan Yoel sadulure, iku rumeksa marang barang-barang ing padalemane Pangeran Yehuwah. [23] Saka bani Amram, bani Yizhar, bani Hebron lan bani Uziel [24] yaiku Sebuel bin Gersom bin Musa kang dadi lelurahing barang-barang. [25] Sanak sadulure Sebuel kang katurunake dening Eliezer yaiku Rehabya anake Eliezer, lan Yesaya anake Rehabya, lan Yoram anake Yesaya, lan Zikhri anake Yoram, lan Selomit anake Zikhri. [26] Selomit iku karo sanak sadulure padha rumeksa marang barang-barang suci kang wus kasucekake dening Sang Prabu Dawud, para

panggedhening kulawangsa, para tetindhihing
wadya-bala sewu, wadya-bala satus lan para
panggedhening wadya-bala. 27 Iku wus padha
nyucekake barang-barang jarahan perang
kanggo gawe endahing padalemane Pangeran
Yehuwah. 28 Uga samubarang kabeh kang
wus kasucekake dening Nabi Samuel, wong
sidik, dening Sang Prabu Saul bin Kisy, dening
Senapati Abner bin Ner, dening senapati Yoab
bin Zeruya, malah sakehing barang kang wus
kasucekake iku padha direksa dening Selomit
sasanak sadulure.
29 Saka bani Yizhar yaiku Kenanya saanak-
anake; iku padha kapasrahan kawajiban njaba
ana ing Israel, yaiku dadi juru mranata lan dadi
hakim. 30 Saka bani Hebron yaiku Hasabya
sasanak-sadulure, iku padha gagah prakosa,
cacahe wong sewu pitung atus; iku dipasrahi
urusan paprentahan Israel ing sakulone
bengawan Yarden ing bab sakehing prakara
kang tumuju marang Pangeran Yehuwah lan
sakehe pagawean kang kagem Sang Nata.
31 Saka bani Hebron yaiku Yeria, iku kang dadi
tetindhihe. Mungguh wong Hebron iki, turune
lan kulawangsane, ing taun kang kaping
patang puluhe jamane paprentahane Sang
Prabu Dawud, katiti-priksa lan panunggalane
tinemu ana gegedhug-gegedhuge kang gagah
prakosa, yaiku ing Yaezer-Gilead. 32 Sanak
sadulure Yeria, para wong kang gagah prakosa
lan kang padha dadi lelurahing kulawangsa,
ana rong ewu pitung atus. Iku padha diangkat
dening Sang Prabu Dawud dadi panggedhening

bani Ruben, bani Gad lan saparone suku Manasye, ing bab sakehing prakara kang tumuju marang Gusti Allah lan kang tumuju marang Sang Nata.

Para panggedhening wadya-bala lan para panggedhe liyane

27:1-34

27 [1] Anadene wong Israel, iki pratelane para leluhure kulawangsa, para panggedhening wadya-bala sewu lan wadya-bala satus, tuwin para punggawane kang leladi marang Sang Prabu ing bab sakehe prakara kang gegayutan karo para wong kang tumindak ing gawe lan kang libur ing saben sasi-sasine, ing dalem setaun. Saben sagolongan ana wong patlikur ewu.
[2] Kang dadi kepalaning golongan kapisan kanggo ing sasi kapisan yaiku Sang Yasobam bin Zabdiel lan golongane iku wonge ana
patlikur ewu. [3] Sang Yosabam iku turune
Rama Peres lan dadi tetindhihe sakehing
panggedhe ing sasi kapisan. [4] Kang dadi
kepalaning golongan ing sasi kapindho yaiku Sang Dodai, wong Ahohi, dene kang mimpin golongane kang wonge ana patlikur ewu iku,
yaiku Sang Miklot. [5] Panggedhe kang katelu
ing sasi kang katelu iku Sang Benaya, putrane Imam Agung Yoyadha, golongane iku wonge
ana patlikur ewu. [6] Sang Benaya iki klebu
gegedhug telung puluh iku, lan dadi tetindhihe wong telung puluh iku nanging kang mimpin

golongane yaiku Sang Amizabad, putrane.
7 Kang kaping pat kanggo ing sasi kang kaping
pat yaiku Sang Asael, sadhereke Sang Yoab,
ing sapungkure iku banjur kagentenan Sang
Zebaja, putrane, dene golongane mau wonge
ana patlikur ewu. 8 Kang kaping lima kanggo
ing sasi kalima yaiku Sang Samhut bin Yizrah,
iku sawijining panggedhe, dene golongane
wonge ana patlikur ewu. 9 Kang kaping enem
kanggo ing sasi kanem yaiku Sang Ira bin
Ikesy saka ing Tekoa, dene golongane wonge
ana patlikur ewu. 10 Kang kaping pitu kanggo
ing sasi kapitu yaiku Sang Heles wong Peloni,
saka bani Efraim, dene golongane wonge ana
patlikur ewu. 11 Kang kaping wolu kanggo ing
sasi kawolu yaiku Sang Sibekhai, wong ing
Husa, turune Zerah, dene golongane wonge
ana patlikur ewu. 12 Kang kaping sanga kanggo
sasi kasanga yaiku Sang Abiezer, wong ing
Anatot, panunggalane bani Benyamin, dene
golongane wonge ana patlikur ewu. 13 Kang
kaping sapuluh kanggo sasi kasapuluh yaiku
Sang Maharai, wong ing Nefota, iku turune
Zerah, dene golongane wonge ana patlikur
ewu. 14 Kang kaping sewelas kanggo ing
sasi kasewelas yaiku Sang Benaya, wong
ing Piraton, panunggalane bani Efraim, dene
golongane wonge ana patlikur ewu. 15 Kang
kaping rolas kanggo ing sasi karolas yaiku
Sang Heldai, wong ing Netofa, turune Otniel,
dene golongane wonge ana patlikur ewu.
16 Kang dadi kepalane suku-suku Israel
yaiku: bani Ruben dipimpin dening Sang

Eliezer bin Zikhri; bani Simeon pimpinane
Sang Sefaca bin Maakha; 17 kanggo suku Lewi
Sang Hasabya bin Kemuel; kanggo tedhake
Imam Harun yaiku Imam Zadhok; 18 kanggo
suku Yehuda yaiku Sang Elihu, salah sawijine
sadhereke Sang Prabu Dawud; suku Isakhar
dipimpin dening Sang Omri bin Mikhael;
19 kanggo suku Zebulon yaiku Sang Yismaya
bin Obaja; kanggo suku Naftali yaiku Sang
Yerimot bin Azriel; 20 kanggo bani Efraim yaiku
Sang Hosea bin Azazya; kanggo saparone
suku Manasye yaiku Yoel bin Pedhaya;
21 kanggo separone suku Manasye kang ana
ing Gilead yaiku Sang Yido bin Zakharia;
kanggo suku Benyamin yaiku Sang Yaasiel
bin Abner; 22 kanggo suku Dhan yaiku Sang
Azareel bin Yeroham. Iku para kepalaning
suku-suku Israel. 23 Sang Prabu Dawud ora
ngetang cacahe wong kang umure rong puluh
taun mangisor, sabab Pangeran Yehuwah wus
prajanji, wong Israel bakal kadadekake padha
kehe karo lintang-lintang ing langit. 24 Sang
Yoab, putrane Sang Zeruya, pancen wus wiwit
ngetang nanging ora karampungake, awit
marga saka iku wong Israel banjur katempuh
ing bebendu; mulane cacahe ora dipengeti ana
ing buku sejarahe Sang Prabu Dawud.

25 Kang rumeksa marang pacawisane
Sang Prabu yaiku Sang Azmawet bin Adiel,
dene kang rumeksa marang pasadhiyan
ing sajabaning kutha, ing kutha-kutha, ing
desa-desa lan ing sajrone lumbung-lumbung
panggung yaiku Sang Yonatan bin Uzia.

26 Kang nglurahi para among tani kang kajibah
ngolah tanah yaiku Sang Ezri bin Kelub.
27 Kang dadi lelurahing kebon-kebon anggur
yaiku Sang Simei, wong ing Rama. Kang
nglurahi pametuning pakebonan anggur
kanggo pasadhiyan anggur yaiku Sang Zabdi,
wong ing Syifmi. 28 Kang dadi lelurahing wit
jaitun lan wit sikma ing Tanah-Ngare yaiku
Sang Baal-Hanan, wong Gederi; kang nglurahi
pasadhiyan lenga jaitun Sang Yoas. 29 Kang
dadi lelurahing sapi kang padha diengon ana
ing tanah Saron yaiku Sang Sitrai, wong ing
Saron, dene kang nglurahi sapi kang padha
ana ing lebak-lebak yaiku Sang Safat bin Adlai.
30 Kang dadi lelurahing unta yaiku Sang Obil,
wong Ismael; kang nglurahi kuldi wadon yaiku
Sang Yekhdeya, wong ing Meronot. 31 Kang
nglurahi wedhus yaiku Sang Yazis, wong ing
Hagri. Iku kabeh para abdi kang rumeksa
marang raja-darbe kagungane Sang Prabu
Dawud.

32 Sang Yonatan, sadhereke kang ramane
Sang Prabu Dawud, iku dadi juru pirembag, iku
pinter lan ahli kitab. Sang Yehiel, bin Hakhmoni
iku dadi pamomonge para putrane Sang Prabu.
33 Sang Akhitofel iku juru pirembage Sang
Nata; Sang Husai, wong ing Arki, iku mitrane
Sang Prabu. 34 Ing tembe Sang Akhitofel
digenteni Sang Yoyadha bin Benaya lan Sang
Abyatar. Kang dadi senapatining Sang Nata
Sang Yoab.

Dhawuh piwelinge Sang Prabu Dawud marang Pangeran Suleman bab mbangun Padaleman Suci

28:1-21

28 [1] Kacarita Sang Prabu dawud
nglempakake sakehing panggedhe
Israel, yaiku para tetindhihing suku, para
panggedhening golongan kang ngladeni Sang
Prabu, para panggedhening wadya-bala sewu
lan panggedhening wadya-bala satus, sarta
para kang padha nglurahi raja-brana lan raja-
kayane Sang Prabu lan para putrane; karodene
para punggawa kraton lan para prawira tuwin
sakehe gegedhug kang gagah parkosa. [2] Sang
Prabu Dawud banjur jumeneng lan ngandika:
"Padha ngrungokna, heh para saduluringsun
lan bangsaningsun! Ingsun kagungan karsa
arep yasa dalem pangasoan kanggo pethining
prajanjiane Pangeran Yehuwah lan kagem
ancik-anciking sampeyane Gusti Allah kita;
ingsun uga wus cecawis kanggo kapreluan
iku. [3] Nanging Gusti Allah wus ngandika
marang ingsun:Sira ora bakal yasa padaleman
kagem asmaningSun, amarga sira iku
prajurit lan wus ngwutahake getih. [4] Anadene
Pangeran Yehuwah, Gustu Allahe Israel, wus
kepareng milih ingsun saka ing antarane
sakehe kulawangsaningsun kadadekake
ratu ing Israel kanggo ing salawas-lawase;
amarga Panjenengane wus milih Yehuda
dadi pemimpin, lan kulawangsaningsun

saka ing antarane bani Yehuda, sarta saka
ing antarane para putrane ramaningsun,
Panjenengane kepareng njumenengake ingsun
dadi ratu ing saindenging Israel. 5 Sabanjure
saka ing antarane putra-putraningsun
kabeh -- amarga Pangeran Yehuwah wus
paring ganjaran anak akeh marang ingsun
-- Panjenengane wus milih putraningsun
Suleman supaya nglenggahi dhampar
paprentahaning Pangeran Yehuwah ana ing
Israel. 6 Panjenengane wus ngandika marang
ingsun: Suleman, anakira, iku kang bakal
yasa padalemaningSun lan plataraningSun,
sabab iku wus Sunpilih Sundadosake
putraningSun sarta Ingsun bakal dadi ramane.
7 Karodene Ingsun bakal nyantosakake
karajane nganti ing salawas-lawase, uger
dheweke tansah nindakake sakehing dhawuh
lan pranataningSun kayadene saiki iki.
8 Mulane saiki, kanthi kasumurupan ing Israel
kabeh, iya pasamuwaning Sang Yehuwah iki,
sarta kalawan kapiyarsakake dening Gusti
Allah kita, ingsun mangandikani sira kabeh:
Sira padha netepana lan marsudia marang
sakehe dhawuhe Pangeran Yehuwah, Gusti
Allahira, supaya sira padha lestaria ngenggoni
nagara kang becik iki lan marisake marang
anak-putunira ing sapungkurira nganti ing
salawas-lawase. 9 Anadene sira, putraningsun
Suleman, sira diwanuh kalawan Gusti Allahe
ramanira lan ngabektia marang Panjenengane
kalawan tulus eklas lan legawaning ati, awit
Pangeran Yehuwah iku niti priksa sakehing

ati tuwin nguningani sakehing kekarepan lan
idham-idhaman. Manawa sira ngupaya marang
Panjenengane, Panjenengane rena manawa
sira sowani, nanging manawa sira ninggal
Panjenengane, sira bakal kabuwang ing
salawase. [10] Wigatekna saiki, sabab Pangeran
Yehuwah wus milih sira kakarsakake yasa
padaleman kanggo pasucen. Disantosa atinira
sarta iku sira lakonana.”
[11] Sang Prabu banjur masrahake marang
Pangeran Suleman, kang putra, rancangan
cengkoronganing pandhapane Padaleman
suci dalasan gedhong-gedhonge, gedhong
pasimenan, kamar-kamar ndhuwur lan
kamar-kamar ing jero sarta kamar kanggo
tutup-pangruwatan. [12] Sateruse uga
rancangan samubarang kang wus digalih
bab plataraning padalemane Pangeran
Yehuwah lan kamar-kamar ing sakubenge,
bab prabot-praboting padalemane Gusti
Allah sarta pasimpenaning barang-barang
sengkeran; [13] bab golongan-golonganing para
imam lan para wong Lewi tuwin bab sakehing
ajaran kang tumuju marang pangibadah ana
ing padalemaning Sang Yehuwah apadene
sakehing barang kang kanggo ing pangibadah
ana ing padalemaning Sang Yehuwah. [14] Sang
Nata uga maringake emas sabobote kang
kabutuhake kanggo gawe sakehe barang
ing saben pangibadah; sarta iya maringake
salaka sabobote kang dibutuhake kanggo
gawe sakehe barang ing saben pangibadah,
[15] yaiku emas kanggo padamaran emas,

bobote sapira kang dibutuhake kanggo gawe siji-sijine padamaran lan damare, lan salaka kanggo gawe padamaran salaka, bobote sapira kang dibutuhake kanggo saben padamaran lan damare, cundhuk karo panganggone saben padamaran ing sajroning pangibadah.
[16] Sawuse mangkono uga maringi emas kanggo gawe meja roti sesaosan kanggo siji-sijine meja, tuwin salaka kanggo gawe
meja salaka; [17] sateruse uga emas murni
kanggo gawe porok; lan bokor panyiraman sarta kendhi, uga kanggo gawe tuwung emas, bobote sepira kang dibutuhake kanggo gawe siji-sijine tuwung, apadene salaka kanggo gawe tuwung salaka, bobote sepira kang dibutuhake kanggo gawe siji-sijine tuwung;
[18] uga emas kang wus kasengker kanggo gawe misbyah pangobongan dupa, bobote sepira kang dibutuhake, sarta emas kanggo gawe kreta-kretanan kanggo numpangake kerub loro-lorone, kang ngegarake swiwine kanggo ngayomi pethi prajanjiane Pangeran
Yehuwah. [19] Pangandikane Sang Prabu Dawud:
"Iku kabeh tinemu ana ing tulisan, kang kaparingake dening Pangeran Yehuwah marang ingsun, kang isi pitedah bab sakehe pagawean kang kudu dilakoni samangsa nindakake rancangan iku."

[20] Sang Prabu Dawud banjur ngandika marang Pangeran Suleman, kang putra: "Disantosa lan ditatag atinira, lan nindakna iku; sira aja sumelang lan aja nglokro, sabab Pangeran Yehuwah Allah, Gusti Allahingsun,

nunggil kalawan sira. Panjenengane ora bakal
negakake lan nilar sira nganti sarampunging
sakehe pagawean kanggo pangibadah ana ing
padalemaning Allah. 21 Lah golonganing para
imam lan para wong Lewi wus cumawis kango
sakehing pangibadah ana ing padalemaning
Allah, lan wus ana wong sawetara kang kanthi
legawaning ati arep mbiyantu sira, kang
ahli ing bab nindakake saben pagawean.
Mangkono uga para pemimpin lan rakyat iki
kabeh iya padha cumadhang marang apa kang
sira dhawuhake."

Sumbangan kanggo adeging Padaleman Suci

29:1-9

29 1 Sang Prabu Dawud ngandika marang
wong sapasamuwan kabeh: "Suleman,
kang kapilih dhewe dening Gusti Allah, iku
isih enom lan kurang pangalaman, mangka
pagawean iki gedhe, saba padaleman iki
ora kanggo manungsa, nanging kagem
Pangeran Yehuwah Allah. 2 Sabisa-bisaningsun
ingsun wus cecawis kanggo padalemaning
Gusti Allahingsun, yaiku emas kanggo gawe
barang-barang emas, salaka kanggo gawe
barang-barang salaka, tembaga kanggo
gawe barang-barang tembaga, wesi kanggo
gawe barang-barang wesi, lan kayu kanggo
gawe barang-barang kayu, sesotya soham
lan sesotya kang kanggo ing embanan,
sesotya ireng lan sesotya kang manca

warna, sarta sawernane sesotya kang larang
apadene marmer putih akeh banget. 3 Sarta
maneh marga saka tresnaningsun marang
padalemaning Allahingsun, minangka wuwuhe
sakehe barang kang wus suncawisake kanggo
dalem pasucen, iki ingsun iya nyaosake
marang padalemaning Allahingsun lan salaka
kagunganingsun piyambak 4 emas telung ewu
talenta, yaiku emas weton ing tanah Ofir,
lan salaka tulen pitung ewu talenta kanggo
nglapisi temboking gedhong-gedhong, 5 yaiku
emase kanggo barang-barang emas, lan
salakane kanggo barang-barang salaka sarta
kanggo sabarang kang digawe dening para
tukang. Mulane sapa kang ing dina iki kanthi
eklas nyaosake pisungsung marang Pangeran
Yehuwah?”

6 Ing kono para tetindhihing kulawangsa
lan para tetindhihing suku Israel sarta
para panggedhening wadya-bala sewu lan
wadya-bala satus apadene para leluhuring
pagawean kagem Sang Nata banjur padha
ngaturake kasaguhane kalawan legawaning
ati. 7 Padha ngaturake kanggo pangibadah ing
padalemaning Allah emas limang ewu talenta
lan sapuluh ewu darika, salaka sapuluh ewu
talenta lan tembaga wolulas ewu talenta sarta
wesi satus ewu talenta. 8 Kang duwe sesotya
padha masrahake iku marang Yahiel, turune
Gerson, minangka betamaling padalemane
Pangeran Yehuwah. 9 Wong sabangsa padha
bungah marga saka anggone padha urun
kalawan legawaning ati mau, awit kalawan

gumolonging ati anggone padha nyaosake pisungsung manasuka marang Pangeran Yehuwah; Sang Prabu Dawud uga rena banget ing panggalih.

Kidung pepujiane Sang Prabu Dawud

29:10-19

10 Sang Prabu Dawud banjur memuji marang Pangeran Yehuwah ana ing ngarepe wong sapasamuwan iku kabeh. Unjuke Sang Prabu Dawud: "Pinujia Paduka dhuh Yehuwah, Gusti Allahipun leluhur kawula Israel , saking
kalanggengan dumugi kalanggengan.
11 Dhuh
Yehuwah, Paduka ingkang kagungan kaluhuran saha kaprawiran, kamulyan, kaunggulan tuwin kaagungan, malah samukawis ingkang wonten ing swarga saha ing bumi! Dhuh Yehuwah, Paduka ingkang kagungan karajan saha Paduka ingkang jumeneng Sesirah ingkang luhur piyambak nglangkungi ing
samudayanipun.
12 Amargi kasugihan saha
kamulyan punika pinangkanipun saking Paduka saha Paduka ingkang nguwaosi samukawis; kakiyatan saha kaunggulan punika wonten ing asta Paduka; Paduka ingkang ngasta pangwaos ngagengaken saha nyantosakaken samukawis sadaya.
13 Sapunika, dhuh Allah kawula, kawula sadaya sami ngunjukaken panuwun dhumateng Paduka saha sami ngluhuraken asma Paduka
ingkang agung punika.
14 Amargi sinten ta
kawula punika saha punapa ta bangsa kawula

punika, dene kawula sami saged ngunjukaken
pisungsung manasuka kadosdene sapunika
punika? Awit saking Paduka pinangkanipun
samukawis sadaya saha inggih saking asta
Paduka piyambak pinangkanipun pisungsung
ingkang sami kawula unjukaken dhumateng
Paduka punika. 15 Amargi kawula punika sami
tiyang manca wonten ing ngarsa Paduka saha
sami tiyang neneka sami kadosdene leluhur
kawula sadaya; dinten kawula wonten ing bumi
punika kados wewayangan saha sami boten
gadhah pangajeng-ajeng. 16 Dhuh Yehuwah,
Gusti Allah kawula, barang-barang ingkang
kathahipun ngantos samanten, ingkang sami
kawula cawisaken punika badhe kangge
ngyasakaken padaleman Paduka, kagem
asma Paduka ingkang suci, punika sadaya
piangkanipun saking asta Paduka piyambak
saha sadaya punika kagungan Paduka.
17 Kawula sumerep, dhuh Allah kawula, bilih
Paduka punika ndadar manah saha rena
dhateng manah ingkang eklas, milanipun
kawula inggih ngunjukaken punika sadaya
kanthi manasuka saha kalayan legawaning
manah; dene ing samangke, umat Paduka
ingkang wonten ing ngriki kawula tingali sami
ngunjukaken pisungsung manasuka kalayan
senenging manah. 18 Dhuh Yehuwah, Gusti
Allahipun Eyang Abraham, Iskak saha Israel,
para leluhur kawula sadaya, Paduka mugi
karsaa nglestantunaken manahipun umat
Paduka ingkang kados makaten punika sarta
manahipun mugi tansah Paduka adhepaken

dhumateng Paduka. [19] Salajengipun Paduka
karsaa maringi manah ingkang tulus
dhumateng Suleman, anak kawula, supados
saged tansah gondhelan dhumateng ing
sakathahing dhawuh Paduka tuwin pepenget
Paduka sarta pranatan Paduka, punapa dene
saged nglampahi punika sadaya saha saged
yasa padaleman, ingkang sampun kawula
cawisi samudayanipun punika.”

Pangeran Suleman jumeneng ratu; Sang Prabu Dawud seda

29:20-30

[20] Sawuse mangkono Sang Prabu Dawud
banjur ngandika marang wong sapasamuwan
kabeh iku: “Padha memujia marang Pangeran
Yehuwah, Gusti Allahira!” Wong sapasamuwan
kabeh nuli padha memuji marang Pangeran
Yehuwah, Gusti Allahe para leluhure, tumuli
padha jengkeng sujud marang Pangeran
Yehuwah tuwin marang Sang Nata. [21] Esuke
padha saos kurban sembelehan lan kurban
obaran marang Pangeran Yehuwah, yaiku sapi
sewu, wedhus lanang sewu, cempe sewu,
kalawan kurban-kurban unjuk-unjukan sarta
kurban sembelehan akeh banget demi Israel
kabeh. [22] Ing dina iku banjur padha mangan
lan ngombe ana ing ngarsaning Pangeran
Yehuwah kalawan kabungahan gedhe;
sawuse iku tumuli padha mindhoni anggone
njumenengake dadi ratu Pangeran Suleman,
putrane Sang Prabu Dawud, sarta njebadi

panjenengane anggone jumeneng ratu kagem
Pangeran Yehuwah lan uga njebadi Zadhok
dadi imam. 23 Sang Prabu Suleman tumuli
lenggah nggentosi Sang Prabu Dawud, kang
rama, ing dhampar kaprabon kang katetepake
dening Sang Yehuwah, lestari anggone
jumeneng, lan saben wong Israel mituhu
marang pangandikane. 24 Sakehe pemimpin
lan para prawira sarta uga para putrane Sang
Prabu Dawud padha ngakeni pangwaose
Sang Prabu Suleman. 25 Pangeran Yehuwah
ndadosake Sang Prabu Suleman luhur luwih
dening banget ana ing ngarepe wong Israel
kabeh lan maringi marang panjenengane
kaagunganing karajan kaya kang durung tau
dialami dening sakehe ratu ing Israel kang
ngasta paprentahan sadurunge panjenengane.

26 Kaya mangkono anggone Sang Prabu
Dawud putrane Sang Isai wus ngasta
paprentahan ing saindenging tanah Israel.
27 Anggone ngratoni wong Israel lawase
patang puluh taun; ana ing Hebron pitung
taun lan ana ing Yerusalem anggone jumeneng
telung puluh telu taun. 28 Sang Nata banjur
seda, yaiku bareng wus pethak remane, wus
sepuh ing yuswa, sugenge kebak kasugihan
lan kamulyan; Pangeran Suleman kang putra,
nuli jumeneng ratu nggentosi panjenengane.

29 Mungguh riwayate Sang Prabu Dawud
wiwit wiwitan nganti wekasan, iku katulisan
ana ing riwayate Nabi Samuel, wong sidik, lan
ana ing riwayate Nabi Natan sarta ing riwayate
Nabi Gad, wong sidik, 30 iya bab sugenge

kabeh nalika jumeneng ratu lan kaprawirane, kaananing jaman kang dialami panjenengane lan kang dialami Israel sarta sakehing karajan ing nagara-nagara liyane.

2 BABAD

Sang Prabu Suleman ndedonga nyuwun kawicaksanan

1:1-13

1Ra 3:3-15

1 1 Sang Prabu Suleman, putrane Sang
Prabu Dawud, anggone jumeneng nata
wus santosa; Pangeran Yehuwah, Gusti Allahe,
nunggil kalawan panjenengane lan ndadosake
pangwaose ngedab-edabi.
2 Sang Prabu Suleman paring dhawuh marang
wong Israel kabeh, marang para panggedhene
wadya-bala sewu lan wadya-bala satus,
marang para hakim lan marang sakehe
pemimpin ing saindenging tanah Israel, yaiku
para lelurahing kulawangsa. 3 Sang Prabu
Suleman banjur tindak menyang ing tengger
pangorbanan ing Gibeon kadherekake dening
wong sapasamuwan mau kabeh, amarga ana
ing kono dununge Tarub Pasewakaning Allah
yasane Nabi Musa, abdining Yehuwah, ana ing
pasamunan.
4 -- Nanging Sang Prabu Dawud wus mboyong
pethining Allah saka Kiryat-Yearim menyang
ing papan kang wus kacawisake, -- sabab
panjenengane wus ngyasakake tarub ana
ing Yerusalem. 5 Nanging misbyah tembaga
gaweane Bezaleel bin Uri bin Hur isih ana ing

kono ana ing ngarepe Tarub Sucining Allah.
Iya iku kang dipurugi Sang Prabu Suleman
karo pasamuwan mau perlu nyuwun pitedah
marang Pangeran Yehuwah. 6 Ana ing kono
Sang Prabu Suleman nyaosake kurban ana ing
ngarsane Pangeran Yehuwah ana ing misbyah
tembaga ing sangarepe Tarub Pasewakan.
Sang Prabu ana ing kono ngunjukake kurban
obaran sewu.
7 Bareng bengine dina iku uga Gusti Allah
ngatingal marang Sang Prabu Suleman
lan ngandika marang panjenengane: “Sira
nyuwun apa kang bakal Sunparingake
marang sira?” 8 Unjuke Sang Prabu Suleman
marang Gusti Allah: “Paduka sampun
ngatingalaken sih-kadarman Paduka ingkang
ageng dhumateng bapa kawula Dawud,
saha sampun njumenengaken ratu kawula,
nggentosi bapa kawula wau. 9 Milanipun
sapunika, dhuh Yehuwah Allah, Paduka
mugi karsaa ngatingalaken kiyating janji
Paduka dhumateng bapa kawula Dawud,
amargi kawula sampun Paduka jumenengaken
dados ratuning bangsa, ingkang kathahipun
kados lebuning siti. 10 Paduka sapunika mugi
karsaa paring kawicaksanan saha kawasisan,
supados kawula saged mlebet medal dados
panuntuning bangsa punika, awit sinten
ingkang saged ngakimi bangsa ingkang
ageng punika?” 11 Paring pangandikaning
Allah marang Sang Prabu Suleman: “Ing
sarehne iku kang sira karepake, lan sira ora
nyuwun kasugihan, raja-brana, kamulyan

utawa patining wong kang sengit marang
sira, lan uga ora nyuwun umur dawa, nanging
kosok baline sira nyuwun kawicaksanan lan
kawasisan supaya bisa ngakimi umatingSun,
kang wus Sunpitayakake marang sira
minangka ratune, [12] mulane kawicaksanan
lan kawasisan iku kaparingake marang sira;
kajaba saka iku sira Sunparingi kasugihan,
raja-brana lan kamulyan, kang durung tau
kadarbe dening para ratu sadurunge sira
sarta ora bakal ana ratu sawuse sira kang
ndarbeni iku." [13] Sang Prabu Suleman nuli
tindak saka ing tengger pangurbanan ing
Gibeon, saka ing ngarepe Tarub Pasewakan,
kondur menyang ing Yerusalem sarta banjur
ngasta paprentahan ing Israel.

Kasugihane Sang Prabu Suleman

1:14-17

1Ra 10:26-29 2Bb 9:25-28

[14] Sang Prabu Suleman tumuli nglempakake
kreta lan wadya-bala jaranan, nganti kagungan
kreta sewu patang atus lan wadya-bala jaranan
rolas ewu, kabeh padha kapanggonake ana
ing kutha-kutha panggonan kreta lan cedhak
karo Sang Prabu ana ing Yerusalem. [15] Sang
Prabu ndadekakake kehing emas lan selaka ing
Yerusalem nganti padha karo watu, lan kehing
wit kayu eres padha karo wit sikma kang ana
ing Tanah Pagunungan. [16] Jaran kang kagem
Sang Prabu Suleman iku ditekakake saka ing
tanah Mesir lan saka ing tanah Kewe; para

sudagare Sang Prabu anggone kulak iku saka
ing Kewe kanthi rega pasar. 17 Kreta siji kang
ditekakake saka ing tanah Mesir iku regane
nganti nem atus sekel selaka, lan jaran siji
nganti satus seket sekel; lan kaya mangkono
uga anggone padha ngedol iku marang
sakehing ratune bangsa Het lan marang para
ratu ing tanah Aram.

Pacawisan kanggo adege Padaleman Suci

2:1-18

1Ra 5:1-18, 7:13-14

2 1 Sang Prabu Suleman dhawuh yasa
padaleman kagem asmaning Yehuwah
lan kraton kagem panjenengane piyambak.
2 Sang Prabu Suleman banjur nglempakake
kuli pitung puluh ewu, tukang natah
ing pagunungan wolung puluh ewu lan
mandhor kang ngawat-awati telung ewu
nem atus. 3 Sang Prabu Suleman tumuli
utusan wong sowan marang ing ngarsane
Sang Prabu Huram, ratu ing nagara Tirus,
kadhawuhan ngaturake pangandikane
kang wirasane: "Panjenengan mugi karsaa
nandukaken dhateng kula, kadosdene ingkang
panjenengan tandukaken dhateng rama kula
Dawud, nalika panjenengan ngintuni kajeng
eres dhateng rama, kagem yasa kraton
ingkang badhe dipun dalemi. 4 Kauningana,
kula badhe yasa padaleman kagem ing
asmanipun Pangeran Yehuwah, Gusti Allah
kula, dadosa sesengkeranipun, supados ing

ngarsanipun kabesmia dupa anggi-anggi
arum, sarta sesaos roti ajegan tuwin kurban
obaran enjing sonten, ing dinten-dinten Sabat
lan ing wulan-wulan enggal, punapadene ing
riyaya-riyaya ingkang katetepaken dening
Pangeran Yehuwah, Gusti Allah kula, amargi
sadaya wau dados kuwajibanipun tiyang Israel
ing salami-laminipun. 5 Wondene padaleman
ingkang badhe kula yasa punika kedah ageng,
amargi Gusti Allah kula punika langkung luhur
tinimbang sakathahing allah. 6 Nanging sinten
ingkang kadugi ngyasakaken padaleman
Panjenenganipun, awit sanadyan langit malah
langit ing sanginggiling sakathahipun langit
inggih boten saged ngewrat Panjenenganipun?
Mangka kula punika sinten ta, dene kula
kok badhe yasa satunggaling padaleman
kagem Panjenenganipun, rak namung
panggenan kangge mbesmi kurban wonten
ing ngarsanipun? 7 Milanipun sapunika,
panjenengan mugi karsaa ngintunaken
satunggaling tiyang ingkang ahli ing bab
dedamelan jene, selaka, tembagi, tosan,
kain wungu enem, badhe jingga, badhe
wungu sepuh, saha ingkang ugi saged damel
ukir-ukiran, supados mbiyantu para ahli
ingkang wonten ing kula, ing Yehuda saha
ing Yerusalem ingkang sampun sami tinuding
rama kula Dawud. 8 Kajawi punika ugi karsaa
maringi kajeng eres, kajeng beros saha kajeng
cendhana saking ing redi Libanon, awit kula
mangretos, bilih ingkang abdi sami pinter
negor wit ing Libanon. Dene para tiyang

kula badhe mbiyantu para abdi panjenengan
9 supados kula kacawisan kajeng ingkang
kathah, amargi padaleman ingkang badhe kula
yasa punika kedah ageng tuwin ngedab-edabi.
10 Wondene para tiyang ingkang sami negori
wit punika badhe kula cadhongi gandum kalih
dasa ewu kor, seir kalih dasa ewu kor, anggur
kalih dasa ewu bat, saha lisah kalih dasa ewu
bat, minangka bahan tedha kangge para abdi
wau.”
11 Sang Prabu Huram, nata ing nagara Tirus,
nuli kintun serat wangsulan marang Sang Prabu
Suleman, kang surasane mangkene: “Ing
sarehne Pangeran Yehuwah ngasihi dhateng
umatipun, pramila panjenengan lajeng
kajumenengaken dados ratunipun.” 12 Sang
Prabu Huram nuli nglajengake pangandikane:
“Pinujia Pangeran Yehuwah, Gusti Allahipun
tiyang Israel, ingkang nitahaken langit lan
bumi, awit Panjenenganipun sampun maringi
dhateng Sang Prabu Dawud satunggaling
putra ingkang wicaksana, kapenuhan ing akal
budi saha pangretosan, ingkang badhe yasa
padaleman kagem Pangeran Yehuwah tuwin
kraton kagem sariranipun piyambak. 13 Awit
saking punika kula ngintunaken satunggaling
ahli, ingkang kapenuhan ing pangretosan,
inggih punika Huram Abi, 14 anakipun tiyang
estri saking bani Dhan, dene bapakipun
tiyang Tirus. Tiyang punika pinter nggarap
jene, selaka, tembagi, tosan, sela, kajeng,
kain wungu enem, badhe wungu sepuh, lena
alus tuwin badhe jingga, saha ugi pinter

damel sawernining ukir-ukiran punapa malih
sawernining rancangan ingkang kapasrahaken
dhateng piyambakipun kanthi kabiyantu
dening para ahli panjenengan saha dening
para ahlinipun ingkang rama, Sang Prabu
Dawud. 15 Lah sapunika panjenengan kula aturi
ngintunaken dhateng para abdi panjenengan
gandum saha sair, lisah saha anggur, ingkang
sampun panjenengan ngandikakaken punika.
16 Kula lajeng sami badhe negori kajeng
saking ing redi Libanon, sapinten ingkang
panjenengan betahaken saha badhe kula
kintunaken dhateng panjenengan kalayan
gethek langkung ing seganten ngantos dumugi
ing Yafo, panjenengan lajeng saged mbekta
dhateng ing Yerusalem."
17 Sang Prabu Suleman tumuli ngetang
sakehe wong manca kang lanang kang ana
ing nagara Israel padha kaya kang wus tau
katindakake dening Sang Prabu Dawud, kang
rama. Ing kono tinemu ana wong satus seket
telu ewu nem atus. 18 Lan saka ing antarane
iku, pitung puluh ewu didadekake kuli, wolung
puluh ewu tukang natah ing pagunungan, lan
telung ewu nem atus kadadekake mandhor
kang nglurahi kang padha nyambut gawe iku.

Sang Prabu Suleman ngedegake Padaleman Suci

3:1--5:1

1Ra 7:15-51

3 1 Sang Prabu Suleman banjur miwiti yasa
padalemaning Yehuwah ana ing Yerusalem
ing gunung Moria, panggonan nalika Pangeran
Yehuwah ngatingal marang Sang Prabu
Dawud, kang rama, ing panggonan kang
wus katetepake dening Sang Prabu Dawud,
yaiku ing papan panutone Ornan wong Yebus.
2 Sang Nata anggone wiwit yasa padaleman
iku ing sajrone sasi kang kapindho, ing taun
kang kaping pate paprentahane. 3 Anadene
dhasaring ukuran kang diagem Sang Prabu
Suleman anggone yasa padalemaning Allah
iku mangkene: dawane sewidak asta, manut
ukuran asta kang lawas, dene ambane rong
puluh asta. 4 Srambi ing sangarepe dalem
gedhe iku dawane rong puluh asta, manut
ambane dalem mau, lan dhuwure satus rong
puluh asta. Srambi iku ing sisih jerone kalapis
ing mas murni. 5 Daleme gedhe digebyogi
kayu beros. Kayu iku nuli kalapis ing emas
murni, kang banjur kapasangan wit kurma,
ing dhuwure kadokokan lunglungan. 6 Iku
iya kalapis ing sesotya kang larang-larang
minangka rerenggan, dene emase emas
Parwaim. 7 Kaya mangkono dalem gedhe
mau; blandar-pangerete, dhempel-dhempele,
gebyog-gebyoge lan lawang-lawange padha

kalapis emas, dene ing gebyoge didokoki
kerub ukir-ukiran.
[8] Sawuse mangkono Sang Prabu banjur
yasa kamar pasucen kang pinunjul; dawane
rong puluh asta, manut ambane padaleman
mau, lan ambane uga rong puluh asta. Iku
tumuli kalapis emas murni, kang bobote nem
atus talenta; [9] boboting paku-pakune seket
sekel emas. Kamar-kamar dhuwur iya kalapis
ing emas. [10] Nuli yasa kerub tatahan loro
kanggo ing pasucen kang pinunjul, iku iya
kalapis ing emas. [11] Swiwine kerub-kerub
iku gunggunging dawane kabeh ana rong
puluh asta; [12] swiwi ing sisihe kerub kang
sijine dawane limang asta lan iku notog ing
temboking kamar, dene swiwi ing sisih sijine
dawane uga limang asta, iku adu pucuk karo
swiwining kerub sijine. [13] Dadine swiwine
kerub loro-lorone iku egare dawane rong puluh
asta; kerub-kerub iku karo-karone ngadeg
madhep marang ing dalem gedhe. [14] Sang
Prabu banjur damel gubah, kang digawe bakal
wungu tuwa, bakal wungu enom, bakal jingga
lan lena alus nganggo digambari kerub.
[15] Ing sangarepe padaleman didokoki tugu
loro kang dhuwure telung puluh lima asta,
nganggo krebil ana ing dhuwure, kang
dhuwure limang asta. [16] Tumuli damel rerekan
rante kang dikalungake ing dhuwure tugu-tugu
mau, lan banjur damel rerekan woh dlima
satus iji, kapasang ing rerekan rante mau.
[17] Tugu-tugune kaadegake ing sangarepe
Padaleman Suci, kang siji ana ing sisih

tengen lan sijine ana ing sisih kiwa; tugu sing
tengen dijenengake Yakhin, dene tugu kiwa
dijenengake Boas.
4 [1] Sang Prabu nuli yasa misbyah tembaga
kang dawane rong puluh asta, ambane
rong puluh asta, lan dhuwure sepuluh
asta. [2] Sawuse iku banjur damel "segaran"
cithakan jembare saka pinggir tekan pinggir
sepuluh asta, wangune bunder kepleng,
jerone limang asta, kubenge manawa kaukur
nganggo tali ana telung puluh asta. [3] Ing
pinggire sisih ngisor ana gambare sapi-sapi
ing sakubenge nganti kemput, saben saasta
sapuluh, nganti sakempute "segaran" iku;
sapine jejer loro, kacithak iras-irasan karo
wadhahe. [4] "Segaran" mau tumumpang
ing sapi rolas, telu marep mangalor, telu
marep ngulon, telu marep ngidul lan telu
marep ngetan; "segaran" iku tumumpang ing
dhuwure, dene buntute manjero. [5] "Segaran"
mau kandele saepek-epek, dene lambene
kawangun kaya lambening tuwung, kayadene
kembang bakung kang mekar. "Segaran" iku
bisa isi banyu telung ewu bat. [6] Sarta maneh
banjur damel jembangan sepuluh, kang lima
diprenahake ing sisih tengen lan kang lima
ing sisih kiwa, iku kanggo ngengumbah; apa
kang kanggo kurban obaran iku dikumbah
ana ing kono, dene "segaran" mau kanggo
para imam kagawe sesuci. [7] Sang Prabu
nuli damel padamaran emas pitu miturut
rancangane, iku kadekek ing Padaleman
Suci, lima ing sisih tengen lan lima ing sisih

kiwa. 8 Sabanjure yasa meja sepuluh kang
kaprenahake ing Padaleman Suci, lima ing
sisih tengen lan lima ing sisih kiwa; nuli uga
damel bokor panyiraman emas satus. 9 Banjur
uga damel plataraning para imam lan plataran
amba, apadene lawang-lawanging plataran
iku; lawang-lawang mau kalapis tembaga.
10 "Segarane" kaprenahake ing sisih tengen
ing kidul wetan. 11 Huram iya gawe kwali,
susuk tuwin bokor-bokor panyiraman.

Mangkono Huram anggone ngrampungake
pagawean kang kudu katindakake awit
saka dhawuhe Sang Prabu Suleman kanggo
padalemaning Allah, 12 yaiku: tugu loro karo
krebil mblendhuk loro kang tumumpang
ing dhuwure tugu mau, nam-naman loro
kang ngrodhongi krebil mblendhuk loro
iku; 13 apadene tetironing dlima patang
atus kanggo namnaman loro mau, dlima
rong larik kanggo siji-sijining nam-naman
kang kagawe ngrodhongi krebil mblendhuk
loro kang ana ing dhuwure tugu mau.
14 Uga wus gawe kretan-kretan panuwak lan
jembangan-jembangan kang tumumpang ing
dhuwure kretan-kretan iku. 15 "Segaran" siji
lan sapi rolas ana ing ngisore. 16 Kwali-kwali,
susuk-susuk, porok-porok lan sakehe piranti
liyane kang digawe dening Huram-Abi awit
saka dhawuhe Sang Prabu Suleman kanggo
padalemaning Yehuwah iku bakale tembaga
sanglingan. 17 Sang Prabu anggone dhawuh
nyithaki iku ana ing Lebak Yarden nganggo
lempung, ing antarane Sukot lan Zereda.

[18] Sang Prabu Suleman anggone damel
piranti-piranti iku cacahe akeh banget, nganti
bobote tembagane ora kena kaetung.
[19] Sang Prabu Suleman uga damel sakehe
piranti kang kanggo ing padalemaning Allah,
yaiku misbyah lan meja-meja kanggo ndekek
roti sesaosan, [20] sarta maneh padamaran-
padamaran emas murni dalah damar-damare,
kang bakal padha disumedi ana ing sangarepe
kamar mburi miturut pepacak; [21] tetironing
kembang, damar-damare lan sapit-sapite
emas, kabeh kang digawe emas murni;
[22] lading-ladinge, bokor-bokore panyiraman,
piring-piringe lan padupan-padupane kang
digawe emas murni; uga lawange kang anjog
ing padaleman iku lan lawang-lawang kang
ana ing sisih njero kang anjog ing pasucen
pinunjul, lan lawang-lawang kang anjog ing
dalem gedhe ing Padaleman Suci, iku kabeh
kang digawe emas murni.

5 [1] Ing kono wus rampung sakehe pagawean
kang ditindakake dening Sang Prabu
Suleman kanggo padalemaning Yehuwah
iku. Sawuse mangkono Sang Prabu Suleman
banjur nglebetake barang-barange suci Sang
Prabu Dawud, kang rama, lan maringake
selaka, emas lan barang-barang mau ana ing
pasimpenan ing padalemaning Allah.

PADALEMAN SUCI KARESMEKAKE

BAB 5:2--7:10

Pethi prajanjian kaboyong lan kamulyaning Yehuwah ngebeki padalemaning Allah

5:2--6:2

1Ra 8:1-13

2 Ing nalika samana Sang Prabu Suleman
dhawuh marang para pinituwaning Israel lan
sakehe tetindhihing suku, para panggedhening
kulawangsane wong Israel, supaya padha
nglumpuk ana ing Yerusalem, prelu
kadhawuhan mboyong pethi prajanjianing
Yehuwah saka ing kuthane Sang Prabu Dawud,
yaiku Sion. 3 Ing dina riyaya ing sasi kang
kapitu sakehe wong Israel padha nglumpuk
ana ing ngarsane Sang Nata. 4 Bareng sakehe
pinituwane wong Israel wus padha sowan, para
wong Lewi banjur padha ngangkat pethi mau.
5 Kang diusungi pethi mau, Tarub Pasewakan
lan sakehe barang suci kang ana ing tarub;
kabeh iku kausungan dening para imam
lan para wong Lewi. 6 Anadene Sang Prabu
Suleman lan sakehe umat Israel kang padha
nglumpuk ana ing ngarsane, padha ana ing
sangareping pethi lan padha nyaosake kurban
wedhus lan sapi kang cacahe ora kena kaetung
utawa kawilang. 7 Sawuse mangkono para
imam padha mapanake pethi prajanjianing

Yehuwah mau ana ing panggonane, ana ing
kamar mburi ing padaleman, ing pasucen kang
pinunjul, ana ing sangisore bener swiwining
kerub; [8] dadine kerub-kerub mau ngegarake
swiwine ing sandhuwuring papane pethi,
satemah pethi lan pikulane padha kapayungan
dening kerub. [9] Pikulane iku dawane pucuke
katon saka ing pasucen, ing sangarepe kamar
mburi, nanging ora katon saka ing njaba;
iya ana ing kono iku papane nganti tekan
ing dina iki. [10] Ing sajrone pethi kono ora
ana apa-apane kejaba mung papan loro kang
dilebokake ing kono dening Nabi Musa ana
ing gunung Horeb, nalika Pangeran Yehuwah
damel prajanjian karo wong Israel, ing sajrone
padha lelaku sawuse metu saka ing tanah
Mesir.
[11] Para imam nuli padha metu saka ing
pasucen. Para imam kang ing wektu iku ana,
kabeh wus padha sesuci, ora kacencang ing
gilirane golongane dhewe-dhewe. [12] Para juru
ngidung wong Lewi iya padha ana ing kono
kabeh yaiku Asaf, Heman, Yedutun dalah
anak-anake lan sadulure. Iku padha ngadeg
ing sawetane misbyah, padha manganggo lena
alus lan nggawa kecer, slukat lan clempung,
nunggal karo imam satus rong puluh kang
gaweane ngunekake kalasangka. [13] Para
juru ngunekake kalasangka lan para juru
ngidung mau banjur padha bebarengan
ngidungake pepujian lan ngrepekake kidung
panuwun konjuk marang Pangeran Yehuwah.
Padha ngulukake swarane binarung ing

swaraning kalasangka, kecer lan unen-unen
liyane kalawan memuji marang Pangeran
Yehuwah, pangucape: “Panjenengane iku
becik! Sih-susetyane iku langgeng ing
salawase.” Ing nalika iku padaleman mau,
yaiku padalemaning Yehuwah, kapenuhan ing
mega, [14] nganti para imam ora betah anggone
padha ngadeg nindhakake tata pangibadah
marga saka mega iku, awit kamulyaning
Yehuwah ngebeki padalemaning Allah.
6 [1] Ing nalika iku Sang Prabu Suleman
tumuli ngandika: “Pangeran Yehuwah wus
nagndika manawa karsa dedalem ana ing
papan kang peteng. [2] Sapunika kawula sampun
yasa padaleman kagem Paduka, ingkang
kenging Paduka dalemi ing salami-laminipun.”

Pangeran Yehuwah netepi prajanjiane marang Rama Dawud

6:3-11

1Ra 8:4-21

[3] Sang Prabu banjur minger lan mberkahi
pasamuwaning Israel kabeh, dene
pasamuwane Israel kabeh padha ngadeg.
[4] Pangandikane Sang Nata: “Pinujia Sang
Yehuwah, Gusti Allahe wong Israel, kang
wus nindakake kalawan astane apa kang
kapangandikakake kalawan lesane marang
Rama Dawud, ramaningsun, mangkene:
[5] Wiwit nalika Ingsun ngirid umatingSun metu
saka ing tanah Mesir, ora ana kutha kang
Sunpilih ing antarane sakehe suku Israel,

kanggo ngedegake padaleman, kang dadi
papan padalemaning asmaningSun, lan ora
ana wong kang Sunpilih prelu Sundadekake
ratuning umatingSun Israel. 6 Nanging
wekasane Ingsun milih Yerusalem minangka
papaning padalemane asmaningSun sarta
milih Dawud supaya ngwasani umatingSun
Israel. 7 Nalika Rama Dawud, ramaningsun,
kagungan karsa arep yasa padaleman kagem
asmaning Yehuwah, Gusti Allahe Israel,
8 banjur dipangandikani dening Sang Yehuwah:
Sira duwe karep arep ngedegake padaleman
kagem asmaningSun, karepira iku pancen
becik; 9 mung bae dudu sira kang bakal yasa
padaleman iku, nanging anakira dhewe kang
besuk bakal lair, iku kang bakal ngedegake
padaleman iku kanggo asmaningSun.
10 Dadine Pangeran Yehuwah wus netepi janji
kang wus dipangandikakake; ingsun wus
madeg nggentosi Rama Dawud, ramaningsun,
lan wus lenggah ing dhamparing karajan
Israel, kaya kang wus kapangandikakake
dening Sang Yehuwah, Gusti Allahe Israel,
11 sarta wus mrenahake pethi ana ing kono,
kang isi prajanjian kang wus kadamel dening
Pangeran Yehuwah karo wong Israel."

Pandongane Sang Prabu Suleman

6:12-42

1Ra 8:22-53

12 Sawuse mangkono Sang Prabu banjur
jumeneng ana ing sangarepe misbyahe

Pangeran Yehuwah, ing sangarepe
pasamuwane Israel kabeh, nuli ngegarake
astane 13 -- awit Sang Prabu Suleman wus
yasa mimbar tembaga kang dawane limang
asta ambane limang asta sarta dhuwure
telung asta, kang kaedegake ana ing plataran
--; panjenengane jumeneng ana ing kono
nuli jengkeng ana ing ngarepe pasamuwan
Israel kabeh lan ngegarake astane marang
ing langit, 14 kambi munjuk: “Dhuh Yehuwah,
Gusti Allahipun Israel! Ing swarga saha ing
bumi boten wonten allah ingkang kados
Paduka; Paduka ingkang nglestantunaken
prajanjian saha sih-susetya dhumateng
para abdi Paduka ingkang gesang wonten
ing ngarsa Paduka kalayan gumolonging
manah; 15 Paduka ingkang tansah nyepengi
janji Paduka dhumateng Rama Dawud, rama
kawula, saha ingkang sampun nindakaken
kalayan asta Paduka punapa ingkang Paduka
ngandikakaken kalayan lesan Paduka, kados
ingkang kalampahan ing dinten punika.
16 Milanipun sapunika, dhuh Yehuwah,
Gusti Allahipun Israel, Paduka mugi karsaa
nglestantunaken janji Paduka dhumateng
Rama Dawud, rama kawula, inggih punika
pangandika Paduka: Turunira bakal ora ana
pedhote ana ing ngarsaningSun lan bakal
lestari lungguh ing dhamparing karajan
Israel, anggere anak-anakira padha tansah
lumaku manut ing angger-anggeringSun kaya
anggonira lumaku ana ing ngarsaningSun.
17 Milanipun sapunika, dhuh Yehuwah, Gusti

Allahipun Israel, mugi kayektosana pangandika
Paduka ingkang sampun Paduka paringaken
dhumateng abdi Paduka Rama Dawud.
18 Nanging punapa inggih sayektos, bilih
Gusti Allah karsa dedalem nunggil kaliyan
manungsa wonten ing bumi? Lah langit, malah
sanadyan sainggil-inggilipun langit pisan
inggih boten saged ngewrat Paduka, punapa
malih padaleman ingkang kawula degaken
punika. 19 Milanipun Paduka mugi karsaa
midhangetaken pandonga saha panyuwunipun
abdi Paduka punika, dhuh Yehuwah
Gusti Allah kawula, Paduka mugi karsaa
miyarsakaken pasambat saha pandonga,
ingkang kaunjukaken dhumateng ing ngarsa
Paduka dening abdi Paduka punika. 20 Paningal
Paduka mugi tansah mirsanana padaleman
punika, rinten kalayan dalu, tansah mirsanana
panggenan ingkang Paduka ngandikakaken,
bilih badhe dados padalemaning asma
Paduka. Paduka mugi karsaa midhangetaken
pandonga, ingkang kaunjukaken dening abdi
Paduka wonten ing panggenan punika, 21 saha
mugi karsaa miyarsakaken panyuwunipun
abdi Paduka tuwin umat Paduka Israel
ingkang kaunjukaken wonten ing panggenan
punika; mugi inggih karsaa midhangetaken
saking papan padaleman Paduka, saking
ing swarga; punapa malih manawi Paduka
midhangetaken, mugi Paduka inggih karsaa
paring pangapunten.
22 Manawi wonten tiyang ingkang kalepatan
dhateng mitranipun, mangka lajeng dipun

wajibaken supados ngipat-ipati badanipun
piyambak, saha nunten supaos wonten ing
sangajengipun misbyah Paduka wonten
ing padaleman punika, 23 Paduka mugi
karsaa miyarsakaken saking swarga tuwin
karsaa tumindak ngadili para abdi Paduka,
inggih punika paring piwales dhateng
pandamelipun tiyang ingkang lepat kanthi
patrap nanggelaken kalepatanipun wau
dhateng tiyang punika piyambak, nanging
ngleresaken tiyang ingkang leres kanthi patrap
nandukaken dhateng tiyang punika, ingkang
laras kaliyan pandamelipun ingkang leres wau.
24 Manawi umat Paduka dipun kawonaken
dening mengsahipun margi dosa dhumateng
Paduka, mangka ing wusananipun lajeng
mratobat saha ngandhemi asma Paduka,
punapadene ndedonga sarta nyenyuwun
wonten ing ngarsa Paduka wonten ing
padaleman punika, 25 Paduka mugi karsaa
midhangetaken saking ing swarga saha karsaa
ngapunten dosanipun umat Paduka Israel
sarta mugi karsaa mangsulaken dhateng ing
tanah ingkang sampun Paduka paringaken
dhateng umat Paduka punika saha dhateng
para leluhuripun.
26 Manawi langit kinancing ngantos boten
wonten jawah, margi tiyang-tiyang sami damel
dosa dhumateng Paduka, mangka lajeng sami
ndedonga wonten ing panggenan punika saha
ngakeni dhumateng asma Paduka tuwin nilar
dosanipun, awit sampun sami Paduka tindhes,
27 Paduka mugi karsaa miyarsakaken saking

ing swarga saha karsaa ngapunten dosaning para abdi Paduka wau, inggih umat Paduka Israel punika, awit inggih Paduka ingkang nedahaken dhateng tiyang-tiyang punika margi ingkang sae, ingkang kedah dipun ambah, punapadene mugi Paduka karsaa paring jawah dhateng siti Paduka ingkang sampun Paduka paringaken dhateng umat Paduka dados tanah-pusaka punika.
28 Manawi ing nagari punika wonten pailan, manawi wonten pageblug, ama gosong, ama lodhoh, ama walang srakah, manawi sami kadamel rupek dening mengsah wonten ing salah satunggaling kithanipun, manawi wonten wewelak utawi sesakit punapa kemawon,
29 lajeng wonten tiyang utawi umat Paduka Israel sadaya ngunjukaken pandonga saha panyuwun wonten ing padaleman punika kalayan ngulukaken tanganipun -- awit satunggal-satunggalipun nyumerepi dhateng wewelakipun tuwin kasangsaranipun piyambak
-- 30 Paduka mugi karsaa midhangetaken saking ing swarga, papan padaleman Paduka ingkang tetep, punapadene Paduka mugi karsaa paring pangapunten saha karsaa paring piwales dhateng saben tiyang miturut ing sakathahing pandamelipun, amargi Paduka nguningani manahipun -- awit namung Paduka ingkang nguningani manahipun para anaking manungsa, -- 31 supados tiyang-tiyang wau sami ajrih dhumateng Paduka saha lajeng sami lumampah ing sakathahing margi pitedah Paduka ing salaminipun gesang wonten ing

tanah ingkang sampun Paduka paringaken
dhateng para leluhur kawula.
32 Makaten ugi manawi wonten tiyang
ngamanca, ingkang boten kagolong umat
Paduka Israel, ingkang dhateng saking nagari
tebih margi saking asma Paduka ingkang
luhur, asta Paduka ingkang rosa saha lengen
Paduka ingkang kaacungaken, mangka tiyang
wau nunten ndedonga wonten ing padaleman
Paduka, 33 Paduka mugi inggih karsaa
miyarsakaken saking ing swarga, saking papan
padaleman Padaleman Paduka ingkang tetep,
punapadene mugi karsaa tumindak ingkang
laras kaliyan sakathahing pasambatipun
tiyang ngamanca wau dhumateng Paduka,
supados sakathahing bangsa ing bumi sami
nyumerepana dhateng ing asma Paduka,
satemah lajeng sami ajrih dhumateng Paduka
kadosdene umat Paduka Israel, tuwin sami
mangretos, bilih asma Paduka sampun
kasebut tumrap ing padaleman ingkang
sampun kawula degaken punika.
34 Manawi umat Paduka nglurug perang
nglawan mengsah-mengsahipun, dhatenga
pundi kemawon anggen Paduka dhawuh
lumampah, sarta manawi sami ndedonga
dhumateng Paduka kalayan madhep dhateng
ing kitha ingkang sampun Paduka pilih
punika, saha dhateng ing padaleman ingkang
sampun kawula degaken kagem asma Paduka
punika, 35 mugi Paduka karsaa midhangetaken
pandonga tuwin panyuwunipun saking ing
swarga, punapadene Paduka mugi karsaa

paring kaadilan dhateng tiyang-tiyang wau.
36 Manawi sami damel dosa dhumateng Paduka
-- awit boten wonten manungsa ingkang boten
gadhah dosa -- saha Paduka lajeng duka
dhateng tiyang-tiyang punika, sami Paduka
pasrahaken dhateng mengsah, satemah
nunten katawan tuwin kaboyong dhateng ing
nagari ingkang tebih utawi ingkang celak,
37 mbokbilih wonten ing tanah pamboyongan
tumunten sami kraos ing salebeting batos
lajeng sami cariyos: kula sampun sami damel
dosa, sami kalepatan tuwin nglampahi duraka,
38 manawi nunten sami mratobat dhumateng
Paduka kalayan gumolonging manah saha
kanthi gumolonging nyawanipun wonten
ing nagarinipun tiyang ingkang sami nawan
lan mboyong, punapa dene sami ndedonga
dhumateng Paduka kalayan madhep dhateng
ing nagarinipun ingkang sampun Paduka
paringaken dhateng para leluhuripun, dhateng
kitha ingkang sampun Paduka pilih tuwin
dhateng ing padaleman, ingkang sampun
kawula degaken kagem ing asma Paduka
punika, 39 Paduka mugi karsaa miyarsakaken
saking ing swarga, saking ing panggenaning
padaleman Paduka ingkang tetep dhateng
pandonga tuwin sakathahing panyuwunipun
saha Paduka mugi karsaa paring kaadilan
dhateng tiyang-tiyang wau sarta karsaa paring
pangapunten dhateng umat Paduka ingkang
sampun damel dosa dhumateng Paduka
punika. 40 Awit saking punika, dhuh Allah
kawula, paningal Paduka mugi mirsanana

tuwin talingan Paduka mugi nilingna dhateng pandonga ingkang kaunjukaken wonten ing panggenan punika.

41 Wondene sapunika, dhuh Yehuwah Allah,
Paduka mugi karsaa jumeneng saha tedhak ing papan pakendelan Paduka,
Paduka kaliyan pethining karosan Paduka.
Mugi para imam Paduka, dhuh Yehuwah Allah, sami sinandhangana ing karaharjan,
tuwin para tiyang ingkang Paduka tresnani sami abingah-bingaha margi saking kasaenan Paduka.
42 Dhuh Yehuwah Allah, Paduka mugi sampun ngantos nampik dhateng ingkang sampun Paduka jebadi,
Paduka mugi karsaa enget dhateng sakathahing sih-susetya Paduka dhumateng Rama Dawud, abdi Paduka.

Geni tumurun saka ing langit; kidung pamuji

7:1-3

7 1 Bareng Sang Prabu Suleman wus
mungkasi pandongane, nuli ana geni kang
tumurun saka ing langit kang mangsa kurban
obaran lan kurban-kurban sembelehan nganti
tapis, sarta padaleman mau banjur kapenuhan
ing kamulyane Sang Yehuwah. 2 Para Imam
padha ora bisa lumebu ing padalemane
Pangeran Yehuwah, amarga kamulyane Sang
Yehuwah ngebeki padaleman kono. 3 Nalika

wong Israel kabeh padha sumurup geni kang tumurun lan kamulyane Sang Yehuwah kang nglimputi padaleman mau, banjur padha jengkeng ana ing jrambah, raine konjem ing bumi, tumuli padha sujud nyembah sarta padha ngrepekakake kidung pamuji sokur kagem Pangeran Yehuwah: “Marga Panjenengane iku becik! Sih-kadarmane iku pranyata langgeng ing salawase.”

Kurban paresmian lan riyaya

7:4-10

1Ra 8:62-66

4 Sang Prabu Suleman lan sabangsa kabeh banjur padha ngunjukakake kurban sembelehan ana ing ngarsane Pangeran Yehuwah.
5 Minangka kurban sembelehan Sang Prabu Suleman nyaosake sapi rolikur ewu lan wedhus satus rong puluh ewu. Kaya mangkono anggone Sang Prabu lan wong sabangsa kabeh padha ngresmekake padalemaning
Allah. 6 Para imam wus padha mapan ana ing panggonane. Samono uga para wong Lewi iya wus padha samekta piranti-piranti musik kanggo ngluhurake Pangeran Yehuwah, yaiku -- piranti-piranti musik yasane Sang Prabu Dawud kanggo ngiringi kidung panuwun konjuk marang Sang Yehuwah: “Sih-kadarmane iku pranyata langgeng ing salawase!” yaiku samangsa Sang Prabu Dawud dhawuh supaya padha ngidungake pepujian. Manawa pinuju mangkono iku para imam

padha ngadeg ngadhepake wong-wong mau
kambi ngunekake kalasangka, dene wong
Israel padha ngadeg kabeh.
[7] Sang Prabu Suleman banjur nucekake
tengah-tengahe plataran ing sangarepe
padalemaning Yehuwah, amarga sakehe
kurban obaran lan gajih kurban slametan
padha kaupakara ana ing kono, awit misbyahe
tembaga yasane Sang Prabu Suleman ora
kamot manawa kanggo kurban obaran lan
kurban dhaharan sarta sakehe gajih kurban
mau. [8] Ing nalika iku uga Sang Prabu Suleman
nganakake riyaya tancebing tarub suwene
pitung dina dalah wong sabangsa kabeh,
sawijining pasamuwan kang luwih dening
gedhe, wiwit dalan kang lumebu menyang
ing kutha Hamat nganti tekan ing kali Mesir.
[9] Ing dina kang kaping wolu padha nganakake
parepatan agung, amarga mentas padha
ngriyayakake paresmiane misbyah lawase
pitung dina lan riyaya tancebing tarub lawase
pitung dina. [10] Ing dina kang kaping telulikur,
sasi kang kapitu wong kabeh padha kalilan
mundur mulih menyang ing tarube kalawan
bungah lan seneng awit saka kadarman kang
wus kaparingake dening Pangeran Yehuwah
marang Sang Prabu Dawud, marang Sang
Prabu Suleman, sarta marang wong Israel,
umate.

Pangeran ngatingal kang kaping pindhone marang Sang Prabu Suleman

7:11-22

1Ra 9:1-9

11 Kaya mangkono anggone Sang Prabu
Suleman ngrampungake padalemaning
Yehuwah lan kadhatone Sang Prabu sarta
anggone wus saged ngleksanani samubarang
kabeh kang tuwuh ing sajroning panggalihe
ing bab anggone karsa yasa padalemaning
Yehuwah lan kadhatone.
12 Sawuse mangkono Pangeran Yehuwah
ing wayah bengi ngatingal marang Sang
Prabu Suleman lan ngandika marang
panjenengane mangkene: "Pandonganira
wus Sunpiyarsakake sarta panggonan iki
wus Sunpilih kagem Ingsun minangka dalem
pangorbanan. 13 Manawa Ingsun nginebake
langit, satemah banjur ora ana udan, lan
manawa Ingsun dhawuh marang walang-
walang supaya padha mangsa pametuning
bumi nganti tapis, sarta manawa Ingsun
ndhatengake pageblug ana ing satengahe
umatingSun, 14 mangka umatingSun kang
sesebutane kapirid saka ing asmaningSun,
iku tumuli ngesorake awake, ndedonga lan
ngupaya marang wedananingSun sarta banjur
mratobat ngunduri lakune kang ala, Ingsun
bakal miyarsakake saka ing swarga lan
ngapura marang dosane, apadene nagarane
bakal Sunpulihake. 15 Saiki paningalingSun

mirsani lan talinganingSun nilingake pandonga
saka ing panggonan kene. [16] Padaleman
iki saiki wus Sunpilih lan Sunsucekake,
supaya asmaningSun lestari ana ing kono
nganti ing salawase; paningalingSun lan
panggalihingSun tansah bakal ana ing kono.
[17] Anadene sira, manawa lakunira ana ing
ngarsaningSun kayadene Dawud, bapakira
lan nindakake apa kang cundhuk karo sakehe
dhedhawuhaningSun marang sira, sarta
manawa sira lestari manut miturut marang
sakehe katetepan lan pranataningSun,
[18] Ingsun bakal nyantosakake dhamparing
karajanira laras karo prajanjian kang wus
Sunanakake karo Dawud, bapakira, wiraose:
Turunira, kang nyekel paprentahan ing Israel,
bakal ora ana pedhote. [19] Nanging manawa sira
padha mungkur lan ninggal sakehe katetepan
lan dhawuhingSun kang wus Sunparingake
marang sira sarta banjur lunga ngabekti
marang allah liyane tuwin sujud lan nyembah
marang iku, [20] sira bakal Sunbethot saka ing
buminingSun kang wus Sunparingake marang
sira, sarta padaleman kang wus Sunsucekake
kagem asmaningSun iki bakal Sunbucal saka
ing ngarsaningSun tuwin bakal Sundadekake
pocapan lan pepoyokan ana ing antarane
sakehing bangsa, [21] apamaneh saben wong
kang liwat padaleman kang banget anggone
kaluhurake iki, bakal gumun lan ngucap: Apa
ta sababe dene Pangeran Yehuwah nganti
nandukake kang mangkene iki marang nagara
kene lan marang padaleman iki? [22] Nuli bakal

ana kang kandha: Amarga wong-wong padha ninggal Pangeran Yehuwah, Gusti Allahe para leluhure, kang wus ngirid metu saka ing tanah Mesir lan padha rumaket marang allah liyane, lan sujud sarta nyembah marang iku lan ngabekti marang iku. Iya iku sababe anggone Panjenengane banjur ndhatengake sakehe bilai iki marang wong-wong mau.”

Sakehe pambudidayane Sang Prabu Suleman

8:1-18

1Ra 9:10-28

8 [1] Bareng wis rong puluh taun, sarampunge anggone yasa Padalemaning Yehuwah lan kratone piyambak, [2] Sang Prabu Suleman banjur nyantosani kutha-kutha kang dipasrahake dening Sang Prabu Huram marang panjenengane, sarta dhawuh marang wong Israel supaya padha manggon ing kono.
[3] Sang Prabu Suleman nuli nglurug menyang ing Hamat-Zoba, kang banjur ditelukake.
[4] Sawuse mangkono Sang Nata nyantosani Tadmor kang ana ing pasamunan lan sakehe kutha pasimpenan, kang kaedegake ana ing Hamat. [5] Uga Bet-Horon Tengger lan Bet-Horon Lebak disantosani kadadekake kutha beteng kang kinubengan ing tembok, mawa gapura lan slarak, [6] lan uga Baalat sarta sakehe kutha pasimpenan kagungane Sang Prabu Suleman, sakehe kutha panggonane wadya-bala kretan tuwin kutha-kutha panggonane wadya-bala

jaranan lan apa bae kang dikarsakake dening
Sang Prabu Suleman supaya didegake ana
ing Yerusalem, ing gunung Libanon, utawa
ing sakehe nagara kang dikwaosi. 7 Sakehe
kekarene panunggalane wong Het, wong
Amori, wong Peris, wong Hewi lan wong Yebus,
kang ora kagolong Israel, 8 yaiku turune para
bangsa kang isih padha manggon ana ing
nagara kono, kang ora kasirnakake dening
wong Israel iku padha diklempakake dening
Sang Prabu Suleman, kadadekake wong
nyangga karya; kaya mangkono iku nganti
saprene. 9 Nanging wong Israel ora ana kang
diparingi pagaweaning budhak, iku padha
dadi prajurit, dadi panggedhening wadya-bala
jaranan lan dadi senapatining wadya-bala
kretan sarta wadya-bala jaranan.

10 Iki para punggawa kang dhuwur dhewe, abdine Sang Prabu Suleman: rong atus seket cacahe kang padha mbawahake rakyat.

11 Sang Prabu Suleman banjur mindhah putri, putrane Sang Prabu Pringon, saka ing kuthane Sang Prabu Dawud menyang ing daleme anggone ngyasakake, awit pangandikane: "Garwaningsun aja nganti ana kang manggon ing kratone Rama Dawud, ratu ing Israel, amarga panggonan-panggonan kang wus dileboni ing pethine Pangeran Yehuwah iku suci."

12 Sang Prabu Suleman nuli ngunjukake kurban-kurban obaran marang Pangeran Yehuwah ana ing misbyahing Yehuwah kang wus kaadegake ana ing sangarepe srambining

Padaleman Suci, [13] cundhuk karo apa kang
manut dhawuhe Nabi Musa katetepake dadi
kurban dinan, kurban ing dina Sabat, ing
sasi anyar, lan setaun kaping telu ing dina
riyaya, yaiku: ing dina riyaya Roti Tanpa
Ragi, ing dina riyaya Pungkasaning Pitung
Minggu lan ing dina riyaya Tancebing Tarub,
[14] lan manut tatanane Sang Prabu Dawud,
kang rama, golongan-golonganing para imam
padha kaparingan kawajibane dhewe-dhewe,
dene para wong Lewi padha pinaringan
kawajiban ngidungake pepujian lan ngladeni
marang para imam, iku saben dina manut
kang ketetepake ing dina iku, sarta uga para
jaga gapura tumrap golongan-golongane
kanggo saben gapura. Amarga mangkono
dhawuhe Sang Prabu Dawud, abdining Allah.
[15] Wong-wong padha ora nyimpang saka ing
dhawuhe Sang Prabu ing bab para imam lan
para wong Lewi sarta ing bab apa bae, uga
ing bab barang-barang. [16] Ing kono pakaryane
Sang Prabu Suleman wus rampung, wiwit
dina pamasanging dhasare padalemane
Pangeran Yehuwah nganti ing dina rampunging
padaleman iku. Kaya mangkono banjur wus
rampung padalemaning Yehuwah.

[17] Sang Prabu Suleman tumuli tedhak
menyang ing Ezion-Geber lan menyang ing
Elot, kang ana ing pinggir sagara, ing tanah
Edom. [18] Sang Prabu Huram utusan para
abdine ngintuni prau-prau kapal marang
panjenengane lan abdi-abdi kang mangreti
bab sagara. Iku padha bebarengan karo

para abdine Sang Prabu Suleman menyang
ing tanah Ofir; ana ing kono padha njupuk
emas patang atus seket talenta, kang banjur
kacaosake marang Sang Prabu Suleman.

Sang Raja Putri ing nagara Syeba maratamu

9:1-12

1Ra 10:1-13

9 [1] Kacarita bareng Sang Raja Putri Syeba
midhanget kabar bab Sang Prabu
Suleman, panjenengane banjur tedhak
menyang Yerusalem, kadherekake ing abdi
akeh banget kanthi mbekta unta kang momot
anggi-anggi, emas akeh lan sesotya kang
larang-larang, karsane arep nguji Sang
Prabu Suleman sarana cangkriman. Bareng
wus rawuh ana ing ngarsane Sang Prabu
Suleman, tumuli nglairake apa saisining
panggalihe marang panjenengane. [2] Dene
Sang Prabu Suleman iya banjur paring
wangsulan tumrap sakehe pandangone Sang
Raja Putri mau, tumrap Sang Prabu Suleman
ora ana barang kang winadi, ora ana kang
ora kena ingudharan ana ing ngarsane Sang
Raja Putri mau. [3] Bareng Raja Putri ing nagara
Syeba nguningani kawicaksanane Sang Prabu
Suleman lan dalem yeyasane, [4] dhedhaharan
kang lumadi ing mejane, patrape linggih para
punggawane, patrape para paladene anggone
padha ngladeni sarta anggone nyandhang-
manganggo, para juru pangunjukan lan

sandhangane, apadene kurban obaran
kang saben-saben kasaosake ana ing
padalemaning Yehuwah, Sang Raja Putri
banget anggone kagawokan. 5 Panjenengane
nuli ngandika marang Sang Prabu: “Pancen
leres pawartos ingkang kula pireng wonten
ing nagari kula bab panjenengan saha bab
kawicaksanan panjenengan, 6 ewasamanten
kula boten pitados dhateng tembungipun
tiyang-tiyang, ngantos kula ndhatengi lan
nyumerepi piyambak; lah kawicaksanan
panjenengan ingkang ageng punika ingkang
dipun cariyosaken dhateng kula sapalihipun
kemawon dereng wonten; kawontenan
panjenengan nglangkungi pawartos ingkang
kula pireng. 7 Rahayu para tiyang panjenengan,
tuwin rahayu para punggawa panjenengan
ingkang tansah ngladosi panjenengan saha
nyumerepi kawicaksanan panjenengan!
8 Pinujia Pangeran Yehuwah, Gusti Allah
panjenengan, ingkang karenan dhateng
panjenengan, ngantos panjenengan lajeng
kalenggahaken ing dhamparipun, kadadosaken
ratu kagem Pangeran Yehuwah, Gusti Allah
panjenengan! Ing sarehne Gusti Allah
penjenengan asih dhateng tiyang Israel, mila
kalestantunaken ing salami-laminipun, dene
panjenengan kadadosaken ratunipun supados
nindakaken kaadilan lan kaleresan.” 9 Sang
Prabu banjur dicaosi emas satus rong puluh
talenta lan anggi-anggi akeh banget tuwin
sesotya kang larang-larang; ora tau ana
anggi-anggi kang akehe kaya kang dicaosake

dening ratu ing nagara Syeba marang Sang
Prabu Suleman mau. 10 Sarta maneh para
abdine Sang Prabu Huram lan para abdine
Sang Prabu Suleman, kang nggawa emas saka
ing Ofir, iku padha nggawa kayu cendhana
lan sesotya kang larang-larang. 11 Sang Prabu
ngagem kayu cendhana iku kagem yasa
undhak-undhakan ing padalemaning Yehuwah
lan kedhatone Sang Prabu, sarta uga kagem
yasa clempung lan slukat kanggo para juru
ngidung, kang kaya mangkono iku ing maune
durung tau ana ing tanah Yehuda.
12 Sang Raja Putri ing nagara Syeba banjur
dicaosi kabeh apa kang dikarsakake lan kang
dipundhut, ngluwihi kang dicaosake marang
Sang Prabu. Sang Raja Putri nuli kondur
menyang ing nagarane kadherekake dening
para punggawane.

Pamedale lan kasugihane Sang Prabu Suleman

9:13-28

1Ra 10:14-29 2Bb 1:14-17

13 Anadene bobote emas kang konjuk marang
Sang Prabu Suleman ing sajrone setaun
iku nem atus sewidak enem talenta 14 iku
durung kapetung kang diladekake dening para
sudagar lan para wong dagang; uga sakehe
ratu Arab lan para bupatine padha ngunjukake
emas lan selaka marang Sang Prabu Suleman.
15 Sang Prabu Suleman yasa tameng emas
gemblengan gedhe rong atus, saben tameng

gedhe siji kang digawe emas gemblengan
nem atus sekel; 16 uga yasa tameng emas
gemblengan cilik telung atus, saben tameng
cilik siji kang digawe emas telung atus sekel;
kabeh iku mau nuli kasimpen dening Sang
Prabu ana ing gedhong “Alas Libanon”.
17 Sang Nata iya yasa dhampar gedhe
kang digawe gadhing, nganggo dilapis emas
murni. 18 Dhampar iku sungsun enem, dene
ancik-ancike emas, kang digandheng karo
dhampar mau, sarta papan palenggahan iku
ing sisih loro-lorone ana lengenane. 19 Ing
sandhinge lengenan ana singane ngadeg
loro sarta ing sadhuwure sungsun enem
iku ana singane rolas kang padha ngadeg
arep-arepan; kang kaya mangkono iku durung
tau ana ing sadhengaha karajan. 20 Sakehe
piranti pangunjukane Sang Prabu Suleman
kang digawe emas lan sakehe barang kang
ana ing “Alas Libanon” iku kang kagawe emas
murni; ing nalika jamane Sang Prabu Suleman
selaka iku dianggep tanpa aji. 21 Sang Prabu
Suleman kagungan prau kapal, kang padha
lelayaran menyang ing Tarsis bebarengan karo
para kawulane Sang Prabu Huram; telung taun
sepisan kapal-kapal Tarsis mau padha teka
nggawa emas lan selaka sarta gadhing; uga
kethek lan manuk merak.
22 Kasugihane lan kawicaksanane Sang Prabu
Suleman iku ngungkuli sakehing ratu ing
salumahing bumi. 23 Sakehe ratu ing bumi
padha ngudi bisane sowan ing ngarsane Sang
Prabu Suleman supaya bisaa nguningani

kawicaksanan, kang kaparingake dening Gusti
Allah ana ing sajroning panggalihe. [24] Siji-sijine
padha sowan lan nyaosake pisungsunge, yaiku
barang-barang dandanan emas lan selaka,
pangageman, gegaman, anggi-anggi, jaran
lan bihal. Mangkono iku saben taun.
[25] Sang Prabu Suleman kagungan gedhogan
patang ewu kanggo jaran-jarane lan kreta-
kretane, sarta prajurit jaranan rolas ewu, kang
padha dipanggonake ana ing kutha-kutha
panggonan kreta lan cedhak karo Sang Nata
ana ing Yerusalem. [26] Lan maneh Sang Prabu
mau ngereh sakehing ratu wiwit ing bengawan
Efrat nganti tekan ing nagarane wong Filisti
tuwin ing tapel watese tanah Mesir. [27] Kehe
selaka ing Yerusalem kadamel dening Sang
Prabu nganti kaya watu lan kehe wit kayu eres
padha kaya wit sikma kang thukul ing Tanah
Pegunungan. [28] Jaran kang kagem Sang Prabu
Suleman iku weton Mesir lan saka ing sakehe
nagara ngamanca.

Sedane Sang Prabu Suleman

9:29-31

1Ra 11:41-43

[29] Anadene kekarene riwayate Sang Prabu
Suleman wiwit wiwitan nganti tekan ing
wekasan, kabeh iku rak katulisan ana ing
riwayate Nabi Natan lan ing pamedhare
wangsit Nabi Ahia, wong Silo, tuwin ing
wahyu-wahyune Idho, wong sidik, bab
Sang Prabu Yerobeam bin Nebat? [30] Sang

Prabu Suleman anggone jumeneng ana ing
Yerusalem ngratoni wewengkone Israel kabeh
iku lawase patang puluh taun. [31] Sang Prabu
Suleman banjur kepareng ngaso nunggil
karo para leluhure sarta kasarekake ana ing
kuthane Sang Prabu Dawud, kang rama.
Pangeran Rehabeam, kang putra, tumuli
jumeneng ratu nggentosi panjenengane.

Pecahe karajan

10:1--11:4

1Ra 12:1-24

10 [1] Sang Prabu Rehabeam banjur tindak
menyang ing Sikhem, awit wong Israel
kabeh wus padha nglumpuk ana ing Sikhem
arep njumenengake ratu panjenengane.
[2] Bareng iku keprungu dening Yerobeam bin
Nebat -- dheweke ana ing Mesir, amarga
lumayu ngungsi mrono saka ing ngarsane
Sang Prabu Suleman -- banjur bali saka
ing tanah Mesir. [3] Wong-wong banjur padha
kongkonan ngundang, Yerobeam nuli sowan
marang ing ngarsane Sang Prabu Rehabeam
bebarengan karo wong Israel kabeh sarta
banjur padha matur: [4] "Rama dalem sampun
damel awrating sesanggenipun dalem sadaya,
milanipun sapunika panjenengan dalem mugi
karsaa ngenthengaken padamelan ingkang
ngrekaos ingkang kabebahaken dening rama
dalem saha tetanggelan ingkang awrat ingkang
dipun paringaken dhateng kawula sadaya,
supados kawula sami dadosa abdi paduka."

5 Nanging paring wangsulane Sang Nata
mangkene: “Padha sowana ing ngarsaningsun
maneh besuk emben.” Wong-wong nuli padha
mundur.
6 Sawuse mangkono Sang Prabu Rehabeam
banjur mundhut pamrayoga marang para
pinituwa kang ing salawase sugenge
Sang Prabu Suleman padha ngamping-
ampingi Sang Prabu Suleman, kang
rama, pangandikane: “Kapriye pamrayoganira,
kapriye anggoningSun mangsuli marang wong-
wong iku?” 7 Ature marang panjenengane:
“Manawi tangkep paduka sae dhateng
rakyat punika, karsa damel senenging
manahipun saha karsa paring pangandika
ingkang ngresepaken, tiyang-tiyang wau
temtu lajeng sami dados abdi paduka ing
salaminipun.” 8 Nanging Sang Prabu ora
karsa ndhahar atur pamrayogane para
pinituwa mau lan tumuli mundhut rembuge
para nonoman barakane kang padha
ngamping-ampingi panjenengane, 9 mangkene
pangandikane: “Kapriye pamrayoganira,
kapriye anggon kita mangsuli marang rakyat
kang matur marang ingsun: Paduka mugi
karsaa ngenthengaken tetanggelan ingkang
kaparingaken dhumateng kawula sadaya
dening rama dalem.” 10 Para nonoman
kang sabarakan kalawan panjenengane
mau tumuli padha munjuk: “Tiyang-tiyang
ingkang sami matur dhumateng panjenengan
dalem: Rama dalem sampun ngawrataken
tetanggelanipun dalem, nanging panjenengan

dalem mugi karsaa ngenthengaken, punika
sumangga kaparingana wangsulan makaten:
Jenthikingsun luwih gedhe tinimbang
bangkekane ramaningsun. 11 Mulane saiki, yen
ramaningsun wus paring marang sira kabeh
tetanggungan kang abot, nanging ingsun
bakal muwuhi tetanggunganira; ramaningsun
wus ngajar sira kalawan sambuk, nanging
ingsun bakal nganjar sira kalawan cemethi
kang mawa eri wesi."

12 Bareng ing telung dinane Yerobeam
lan rakyat kabeh padha sowan marang
ing ngarsane Sang Prabu Rehabeam, kaya
kang wus kadhawuhake dening Sang
Prabu: "Padha sowana ing ngarsaningsun
maneh besuk emben." 13 Sang Prabu
Rehabeam anggone paring wangsulan kalawan
keras; panjenengane nglirwakake marang
rembuge para pinituwa; 14 wong-wong
padha dipangandikani miturut rembuge para
nonoman: "Ramaningsun wus ndadekake
aboting sesangganira kabeh, nanging iku
bakal sunwewahi; sira padha diajar dening
ramanigsun kalawan sambuk, nanging ingsun
bakal ngajar sira kabeh kalawan cemethi
kang mawa eri wesi." 15 Dadine Sang Prabu
ora karsa minangkani panyuwuning rakyat,
sabab lelakon iki wus manut pepesthening
Allah, supaya Pangeran Yehuwah netepi
pangandikane lumantar Nabi Ahia, wong Silo,
marang Yerobeam bin Nebat.

16 Bareng wong Israel kabeh sumurup,
manawa Sang Nata ora karsa minangkani

panyuwune, rakyat banjur matur marang Sang
Prabu:

"Kita angsal panduman punapa saking
Dawud?
Kita boten angsal warusan saking anakipun
Isai!
Padha balia menyang ing tarubmu
dhewe-dhewe he, wong Israel!
Saiki urusen dhewe omahmu, he Dawud!"

Wong Israel kabeh banjur padha lunga mulih
menyang ing tarube, 17 satemah Sang Prabu
Rehabeam mung ngratoni wong Israel kang
padha manggon ing kutha-kuthane Yehuda.
18 Sawuse mangkono Sang Prabu Rehabeam
utusan Hadoram lelurahe para wong nyangga
karya nanging iku banjur dibenturi watu
dening wong Israel nganti mati, malah Sang
Prabu Rehabeam meh-meh bae ora bisa nitih
ing kretane nalika banjur ngungsi menyang
ing Yerusalem. 19 Kaya mangkono anggone
wong Israel padha mbalela marang brayate
Sang Prabu Dawud nganti tumeka ing dina iki.

11 1 Sarawuhe ing Yerusalem Sang Prabu
Rehabeam nuli ngempalake turune
Yehuda lan Benyamin, satus wolung puluh ewu,
wong nonoman kang sembada ing perang,
karsane arep merangi wong Israel, supaya
karajan iku bali maneh marang panjenengane.
2 Nanging banjur ana pangandikane Pangeran
Yehuwah marang Nabi Semaya, abdining Allah
mangkene: 3 "Sira tutura marang Rehabeam,
anake Suleman, ratu ing Yehuda, lan marang
wong Israel kang ana ing Yehuda kabeh lan

kang ana ing Benyamin, mangkene: 4 Makaten
pangandikanipun Pangeran Yehuwah: Sira aja padha nglurug lan perang nglawan para sadulurira. Sira padha muliha menyang ing omahira dhewe-dhewe, sabab Ingsun kang karya lelakon iki.” Wong kabeh padha ngestokake dhawuhe Pangeran Yehuwah lan banjur padha mulih ora nglurugi perang Yerobeam.

Sang Prabu Rehabeam, bab anggone nyantosakake karajan; bab brayate Sang Prabu

11:5-23

5 Sang Prabu Rehabeam akedhaton ana ing
Yerusalem lan nyantosani kutha-kutha beteng
ing Yehuda. 6 Kang disantosani Betlehem,
Etam, Tekoa, 7 Bet-zur, Sokho, Adulam,
8 Gat, Mares, Zif, 9 Adoraim, Lakhis, Azeka,
10 Zora, Ayalon lan Hebron, kang dumunung
ana ing Yehuda lan ing Benyamin, padha
kadadekake kuta-beteng. 11 Kutha-kutha
beteng iku padha disantosani lan didekeki panggedhene wadya-bala lan tandhon pangan,
lenga lan anggur; 12 saben kutha uga dicawisi
tameng lan tumbak. Kutha-kutha mau padha disantosani banget. Kaya mangkono dadine Yehuda lan Benyamin iku dikwaosi dening panjenengane.

13 Para imam lan para wong Lewi ing
wewengkon Israel kabeh padha teka saka ing papan panggonane lan banjur ndherek marang

panjenengane. [14] Para wong Lewi anggone
padha ninggal panggonane lan barang darbeke
lan banjur padha menyang ing Yehuda lan
Yerusalem iku, marga Sang Prabu Yerobeam
sarta para putrane padha ora marengake
wong-wong mau padha dadi imaming
Yehuwah, [15] lan tumuli ngangkat imam-imam
piyambak kanggo tetengger-tetengger
pangurbanan, kanggo para jim lan kanggo
pepethan-pepethan pedhet kang wus kayasa.
[16] Saka panunggalane suku Israel kabeh iya
ana wong kang padha menyang ing Yerusalem
padha nusul marang para wong Lewi mau,
yaiku wong kang wus nggemblengake atine
sumedya ngupaya Pangeran Yehuwah, Gusti
Allahe Israel; sarta tekane iku arep saos
kurban marang Pangeran Yehuwah, Gusti
Allahe para leluhure. [17] Kalawan mangkono
dadine wong mau padha nyantosakake
karajan Yehuda lan nguwatake paprentahane
Sang Prabu Rehabeam, putrane Sang Prabu
Suleman, ing sajroning telung taun, amarga
ing sajroning telung taun iku wong-wong
padha ngambah ing margine Sang Prabu
Dawud lan Sang Prabu Suleman.

[18] Sang Prabu Rehabeam banjur mundhut
garwa Sang Putri Mahalat, putri putrane
Sang Yerimot putrane Sang Prabu Dawud,
patutan karo Sang Putri Abihail, putri putrane
Sang Elhiab, putrane Sang Isai, [19] iku
mbabar putra-putra kakung: Pangeran Yeusy,
Semarya lan Zaham. [20] Sawuse Sang Putri
Mahalat, Sang Prabu nuli nggarwa Sang Putri

Maakha, putri putrane Pangeran Absalom;
iku peputra: Pangeran Abia, Atai, Ziza, lan
Selomit. 21 Sang Prabu Rehabeam anggone
asih marang Sang Putri Maakha, putri putrane
Pangeran Absalom, ngungkuli katresnane
marang sakehe garwane padmi lan garwane
paminggir -- garwane padmi Sang Prabu iku
wolulas dene garwane paminggir sawidak;
iku padha peputra, kang kakung wolulikur,
kang putri sawidak. 22 Pangeran Abia, putrane
Sang Putri Maakha, kawisuda dening Sang
Prabu Rehabeam dadi panggedhe, yaiku
kang nglurahi para sadhereke, amarga
karsane bakal kajumenengake ratu. 23 Awit
saka iku Sang Prabu nuli tumindak kanthi
kawicaksanan, para putrane liyane kabeh
padha kasebar ing sawewengkone Yehuda lan
Benyamin kabeh, ing sakehe kutha-beteng.
Iku padha kaparingan dhahar nganti mblabur
sarta padha dipundhutake garwa akeh.

Sang Prabu Sisak nempuh Yerusalem

12:1-16

1Ra 14:21-31

12 1 Kacarita, bareng karajane wus santosa
lan pangwaose wus dadi kukuh, Sang
Prabu Rehabeam dalasan Israel kabeh padha
nyingkur marang angger-anggering Yehuwah.
2 Ing taun kang kaping limane jamane Sang
Prabu Rehabeam, Sang Prabu Sisak, nata
ing Mesir, nempuh Yerusalem -- amarga
kabeh wus padha ora setya marang Pangeran

Yehuwah -- 3 kalawan kreta sewu rong atus
lan wadya-bala jaranan sawidak ewu, dene
rakyat kang ndherek saka ing Mesir cacahe
tanpa wilangan, yaiku wong Libia, wong Suki
lan wong Etiopia. 4 Kutha-kutha beteng ing
Yehuda padha karebut dening Sang Prabu,
malah banjur wus cedhak karo Yerusalem.
5 Ing kono Nabi Semaya banjur manggihi
Sang Prabu Rehabeam lan para panggedhene
Yehuda, kang padha nglumpuk ana ing
Yerusalem, amarga saka pangancame
Sang Prabu Sisak, sarta matur mangkene:
"Pangandikanipun Pangeran Yehuwah
makaten: Sira wus padha ninggal marang
Ingsun, mulane Ingsun iya nilar sira kabeh
ana ing pangwasane Sisak." 6 Para panggedhe
Israel lan Sang Nata banjur padha nalangsa
sarta ngandika: "Pangeran Yehuwah iku kang
leres!" 7 Bareng Sang Yehuwah mirsa, manawa
wong-wong padha nalangsa, banjur ana
pangandikane Pangeran Yehuwah marang Nabi
Semaya, surasane mangkene: "Wong-wong
iku wus padha ngesorake awake, mulane ora
bakal Sunsirnakake, bakal enggal Sunluwari
lan mulad-mulading bebenduningSun ora bakal
kaesokake marang Yerusalem lumantar Sisak.
8 Nanging bakal padha dadi bature, supaya
padha bisaa mbedakake ngabekti marang
Ingsun karo sujud marang karajan-karajan ing
donya."
9 Sang Prabu Sisak ratu ing Mesir, banjur
nglurugi lan nempuh Yerusalem. Prabot-prabot
ing padalemaning Yehuwah lan raja-brana

ing kraton pada kajarah; kabeh padha
karayahan. Sang Prabu uga mundhuti
tameng-tameng emas yasane Sang Prabu
Suleman. 10 Minangka lirune Sang Prabu
Rehabeam yasa tameng-tameng tembaga,
kang kapasrahake marang para tetindhihe
wadya-bala kang njaga lawanging kratone
Sang Nata. 11 Saben Sang Prabu lumebet ing
padalemaning Yehuwah, para prajurit mau
padha teka ngampil tameng-tameng iku, lan
uga wong-wong iku kang mbalekake menyang
ing kamar pajagane. 12 Ing sarehne Sang
Prabu ngesorake sarira, dukane Pangeran
Yehuwah banjur lilih, mulane ora kasirnakake
babar pisan. Sarta maneh ing Yehuda iya isih
ana bab-bab kang becik.

13 Sang Prabu Rehabeam iku ngatingalake
santosane anggone ngasta paprentahan ana
ing Yerusalem. Sang Prabu Rehabeam yuswa
patang puluh taun nalika jumeneng ratu,
dene anggone ngasta paprentahan ana ing
Yerusalem lawase pitulas taun, ana ing kutha
kang pinilih dening Pangeran Yehuwah saka
ing antarane sakehe suku Israel, kagem
padunungane asmane. Kang ibu asma Naama,
putri bangsa Amon. 14 Sang Prabu Rehabeam
iku nglampahi kang ala, marga ora mantep
anggone ngupaya marang Pangeran Yehuwah.
15 Riwayate Sang Prabu Rehabeam iku wiwit
wiwitan nganti wekasan, kabeh rak wus
katulisan ana ing sejarahe Nabi Semaya lan
Idho, wong sidik, -- kang uga ngemot daftar
sarasilah. Ing antarane Prabu Rehabeam

lan Prabu Yerobeam iku tansah ana perang.
16 Wasana Sang Prabu Rehabeam banjur
kepareng ngaso nunggil karo para leluhure
lan kasarekake ana ing kuthane Sang Prabu
Dawud. Dene Pangeran Abia, kang putra, nuli
jumeneng ratu nggentosi panjenengane.

Sang Prabu Abia

13:1--14:1

13 1 Ing taun kang kaping wolulase jamane
Sang Prabu Yerobeam, Pangeran Abia
jumeneng ratu ana ing Yehuda. 2 Anggone
ngasta paprentahan ana ing Yerusalem lawase
telung taun. Kang ibu asmane Mikhaya, putri
putrane Sang Uriel saka ing Gibea. Sang
Prabu Abia lan Sang Prabu Yerobeam iku
padha peperangan. 3 Sang Prabu Abia miwiti
perang kadherekake wadya-bala kang prawira
ing jurit, kang gunggunge patang atus ewu
wong pilihan, dene Sang Prabu Yerobeam
anggone nata pabarisane kanggo nglawan
panjenengane, kalawan prajurit pepilihan, para
prawira kang gagah prakosa, cacahe wolung
atus ewu. 4 Sang Prabu Abia nuli jumeneng
ana ing sadhuwure gunung Zemaraim,
kang kegolong pagunungan Efraim, lan
ngandika: "Padha ngrungokna ing pituturku,
he Yerobeam lan sakehe wong Israel! 5 Apa
kowe ora padha sumurup, manawa karajan
Israel iku wus kaparingake dening Pangeran
Yehuwah, Gusti Allahe Israel marang Prabu
Dawud lan para tedhak turune kanggo ing

salawas-salawase kalawan prajanjian kang
mawa uyah? 6 Nanging Yerobeam bin Nebat,
abdine Prabu Suleman, putrane Prabu Dawud,
iku banjur ngraman mbalela marang gustine.
7 Para wong kang tanpa pikiran lan para
durjana padha manunggal karo dheweke;
wong-wong iku kakuwatane ngluwihi Sang
Prabu Rehabeam putrane Sang Prabu
Suleman, kang isih timur lan kang panggalihe
durung santosa, sarta ora bisa nanggulangi
wong-wong mau. 8 Kowe kabeh mesthi padha
ngira, manawa bisa nanggulangi karajaning
Yehuwah, kang diasta dening para tedhaking
Sang Prabu Dawud, amarga cacah-jiwamu
akeh banget sarta kowe padha duwe pedhet
emas gaweane Yerobeam kang kadadekake
allahmu. 9 Kowe rak wus padha nyingkirake
para imame Pangeran Yehuwah, para tedhake
Imam Harun, apadene para wong Lewi,
banjur ngangkat imam-imam manut patrape
bangsa-bangsa nagara-nagara liya, satemah
saben wong kang teka, supaya diangkat,
kalawan nggawa pedhet lanang siji lan wedhus
lanang pitu, iku banjur didadekake imam
kanggo kang dudu Gusti Allah. 10 Nanging
aku kabeh iki, Pangeran Yehuwah kang
jumeneng dadi Gusti Allahku, lan iku ora
padha daksingkur. Sarta para tedhake Imam
Harun kang leladi marang Pangeran Yehuwah
minangka imam, dene para wong Lewi padha
nindakake kawajibane, 11 yaiku saben esuk
lan sore padha ngobong kurban obaran lan
dupa wangi kagem Pangeran Yehuwah, sarta

roti sesaosan ana ing meja kang suci, tuwin
nata padamaran emas sadamar-damare,
kang disumed ing saben sore, amarga aku
kabeh kang tansah nindakake kawajibanku
kang tumuju marang Sang Yehuwah, Gusti
Allahku, nanging kowe kabeh iku kang padha
ninggal Panjenengane. 12 Lah aku padha
katuntun dening Gusti Allah, dene para
imame padha siyaga arep ngunekake tengara
panempuhing perang nglawan kowe kabeh
kanthi kalasangka. He wong Israel, kowe aja
padha perang nglawan marang Sang Yehuwah,
Gusti Allahe para leluhurmu kabeh, awit kowe
ora bakal padha oleh gawe!”
13 Nanging Sang Prabu Yerobeam banjur
ngintunake wadya-bala pendhem, kang
kadhawuhan lumaku mubeng nganti tekan
ing saburine wadya-bala Yehuda, dadine
wadya-bala kang baku ana ing ngarepe
Yehuda lan bala pendhem ana ing burine.
14 Bareng Yehuda noleh, lah padha katempuh
perang saka ing ngarep lan saka ing buri.
Mulane banjur padha sesambat marang
Pangeran Yehuwah, dene para imam padha
ngunekake kalasangka, 15 sarta para prajurit
Yehuda padha surak. Nalika wong Yehuda
padha surak, Gusti Allah ngawonake Prabu
Yerobeam dalah wong Israel kabeh ana ing
ngarsane Sang Prabu Abia lan ing ngarepe
Yehuda. 16 Wong Israel padha keplayu ana ing
ngarepe Yehuda, lan dipasrahake dening Gusti
Allah marang ing tangane Yehuda, 17 dadine
padha banget anggone kaasorake dening

Sang Prabu Abia lan sabalane; wong Israel
kang mati limang atus ewu, wong pepilihan,
18 kaya mangkono anggone wong Israel padha
katelukake nalika samana, dene wong Yehuda
dadi saya santosa, amarga padha ngendelake
Pangeran Yehuwah, Gusti Allahe para leluhure.
19 Sang Prabu Yerobeam kabujeng dening Sang
Prabu Abia sarta kuthane karebut sawetara
yaiku Betel lan sawewengkone, Yesana lan
sawewengkone sarta Efron lan sawewengkone.
20 Ing nalika jamane Sang Prabu Abia, Sang
Prabu Yerobeam ora nate angsal kakiyatan
maneh sarta banjur kagebag dening Pangeran
Yehuwah dadi lan sedane.
21 Nanging Sang Prabu Abia dadi saya
gedhe pangwaose. Sang Prabu mundhut
garwa patbelas lan kagungan putra kakung
rolikur lan putra putri nembelas. 22 Anadene
kekarene riwayate Sang Prabu Abia, apa
kang katindakake lan kapangandikakake, iku
katulisan ana ing buku sejarahe Nabi Idho.

14 1 Sawuse mangkono Sang Prabu Abia
banjur kepareng ngaso nunggil karo
para leluhure sarta nuli kasarekake ana ing
kuthane Sang Prabu Dawud. Pangeran Asa,
kang putra, tumuli jumeneng ratu nggentosi
panjenengane. Ing nalika jaman paprentahane
nagara tentrem lawase sepuluh taun.

Sang Prabu Asa. Sang Zerakh kasoran

14:2-15

1Ra 15:9-12

2 Anadene Sang Prabu Asa iku nindakake
apa kang becik lan bener ana ing paningaling
Yehuwah Gusti Allahe. 3 Misbyah-misbyah
asing lan tengger-tengger pangurbanan
padha kasingkirake, tugu-tugu brahala
padha digempuri, sarta saka-saka brahala
padha disirnakake. 4 Wong Yehuda padha
didhawuhi supaya ngupaya Pangeran
Yehuwah, Gusti Allahe para leluhure lan
supaya padha nglakonana angger-angger lan
pepakon. 5 Tengger-tengger pangurbanan
lan padupan-padupan ing sakehe kutha ing
Yehuda padha disingkirake, dene karajane
iya ngalami tentrem ing sajroning kawengku
dening panjenengane. 6 Ing sarehne kaanane
nagara tentrem lan ora katempuh ing perang
ing taun-taun iku, panjenengane saged
mbangun kutha-kutha beteng ana ing Yehuda.
Pangeran Yehuwah ngganjar katentreman
marang panjenengane. 7 Pangandikane Sang
Prabu marang wong Yehuda mangkene: "Ayo,
kutha-kutha iki padha disantosani, padha
dipageri tembok lan didekeki panggungan,
gapura saslarak-slarake. Nagara iki isih ana
ing tangan kita, amarga kita padha ngupaya
marang Yehuwah, Gusti Allah kita sarta
Panjenengane ngupaya kita lan maringi
marang kita katentreman kang warata." Tumuli

padha tumandang mbangun sarta iku bisa
tumindak becik. 8 Para wadya-balane Sang
Prabu Asa kang saka ing Yehuda gunggunge
telung atus ewu, prajurit kang sikep tameng
gedhe lan tumbak, dene kang saka ing
Benyamin gunggunge rong atus wolung puluh
ewu, prajurit kang sikep tameng cilik, iku
wadya-bala panahan. Kabeh iku prawira kang
gagah prakosa.
9 Kacarita Sang Zerakh, wong Etiopia,
nglurug perang nglawan wong Yehuda kalawan
nggawa wadya-bala kehe sayuta lan kareta
telung atus. Lakune wus tekan ing Maresa.
10 Sang Prabu Asa banjur miyos mapagake.
Pabarisane katata ana ing lebak Zefata, ing
sacedhake Maresa. 11 Sang Prabu Asa nuli
nyebut marang Pangeran Yehuwah, Gusti
Allahe, unjuke: "Dhuh Yehuwah, kajawi Paduka
boten wonten sanesipun malih ingkang saged
mitulungi ingkang ringkih nglawan ingkang
kiyat. Paduka mugi karsaa mitulungi kawula
sadaya, dhuh Yehuwah, Gusti Allah kawula,
amargi kawula sami sumendhe dhumateng
Paduka sarta anggen kawula sami majeng
nglawan wadya-bala ingkang ageng punika
mawi asma Paduka. Dhuh Yehuwah, Paduka
punika Gusti Allah kawula sadaya. Paduka
sampun ngantos marengaken manungsa
gadhah kakiyatan kangge nglawan Paduka!"
12 Pangeran Yehuwah banjur ngawonake para
wong Etiopia iku ana ing ngarsane Sang Prabu
Asa lan ing ngarepe Yehuda. Wong Etiopia
padha keplayu, 13 tumuli kaoyak dening Sang

Prabu Asa sawadya-balane nganti tekan ing
Gerar. Wong Etiopia akeh kang tiwas, ora
ana kang lestari urip, awit padha sirna ana
ing ngarsaning Yehuwah lan ana ing ngarepe
wadya-balane. 14 Sakehe kutha ing sakubenge
Gerar padha kabedhah, amarga kang manggon
padha katempuh ing pagirising Yehuwah.
Kabeh kutha mau padha kajarahan, awit akeh
banget jarahane. 15 Dalasan tendha-tendhane
wong kang padha ngingu raja-kaya uga
direbut sarta akeh wedhus lan unta kang
padha dibandhangi minangka jarahan. Nuli
padha bali menyang ing Yerusalem.

Sang Prabu Asa nganakake owah-owahan

15:1-19

1Ra. 15:13-15

15 1 Kacarita Nabi Azarya, bin Odhed
katedhakan ing Rohing Allah, 2 banjur
seba marang ing ngarsane Sang Prabu Asa
sarta munjuk marang panjenengane: "Kawula
aturi miyarsakaken dhumateng kawula, dhuh
Sang Prabu Asa tuwin Yehuda saha Benyamin
sadaya! Pangeran Yehuwah badhe nganthi
dhumateng paduka sadaya uger paduka
sami ndherek ing Panjenenganipun. Manawi
paduka sami ngupadosi Panjenenganipun,
Panjenenganipun rena, samangsa paduka
sowani. Nanging manawi paduka sami
nyingkur dhateng Panjenenganipun, badhe
tinilar ing Panjenenganipun. 3 Sampun ndangu
sanget Israel anggenipun tampa Gusti

Allah ingkang leres, tanpa piwulang saking
imam saga tanpa angger-angger. 4 Nanging
ing salebeting karupekan sami mratobat
dhateng Pangeran Yehuwah, Gusti Allahipun
Israel. Sami ngupadosi Panjenenganipun,
Panjenenganipun inggih rena dipun sowani.
5 Nalika samanten boten wonten tiyang
ingkang saged kekesahan lan mantuk kanthi
wilujeng, amargi sakathahing tiyang ingkang
manggen ing dhaerah-dhaerah sami ngalami
kawontenan ingkang ruwet, 6 bangsa-bangsa
sami gecak-ginecak, kitha-kitha sami
risak-rinisak, awit sami kakisruhaken dening
Gusti Allah kanthi karupekan mawarni-warni.
7 Nanging paduka sadaya punika, sami kawula
aturi santosa ing panggalih, sampun ngantos
sami kendho, amargi paduka sami kacawisan
pituwas!"

8 Bareng Sang Prabu Asa mudhanget atur
pamecane Nabi Azarya bin Odhed mau, Sang
Prabu banjur ngiyatake panggalihe lan nuli
nyingkirake dewa-dewaning kanisthan saka
ing saindenge tanah Yehuda lan Benyamin lan
saka ing kutha-kutha kang karebut ana ing
pagunungan Efraim. Misbyahing Yehuwah kang
ana ing sangarepe srambining Padaleman
Sucine Pangeran Yehuwah dianyarake. 9 Wong
ing sawewengkone Yehuda lan Benyamin
lan wong Efraim, Manasye lan Simeon
kang neneka ana ing satengahe padha
diklumpukake kabeh, amarga wong Israel
nalika sumurup, manawa Sang Yehuwah,
Gusti Allahe, nunggil kalawan Sang Prabu,

akeh kang padha mbalik ngawula marang
panjenengane. 10 Iku padha nglumpuk ana ing
Yerusalem ing sasi kang katelu ing taun kang
kaping limane paprentahane Sang Prabu Asa.
11 Ing dina iku wong-wong padha ngunjukake
marang Pangeran Yehuwah sapi pitung atus
lan wedhus pitung ewu saka jarahan kang
kagawa mulih. 12 Padha nganakake prajanjian
arep ngupaya Sang Yehuwah, Gusti Allahe
para leluhure kalawan gumolonging ati lan
gumulonging nyawane. 13 Saben wong, bocah
utawa wong diwasa, lanang utawa wadon,
kang ora ngupaya marang Pangeran Yehuwah,
Gusti Allahe Israel, kudu diukum pati. 14 Padha
sumpah bakal setya marang Sang Yehuwah
kalawan swara sora, kambi surak-surak sarta
karo ngunekake nafiri lan kalasangka. 15 Wong
Yehuda padha bungah kabeh marga saka
anane sumpah iku, awit anggone padha
sumpah bakal setya kalawan gumolonging
ati sarta arep ngupaya Pangeran Yehuwah
kanthi kekarepan kang gumolong, Pangeran
Yehuwah rena disowani wong-wong mau lan
banjur maringi katentreman kang warata.
16 Malah Sang Prabu Asa uga nglungsur
Sang Putri Maakha, kang eyang, saka ing
kalenggahane ibusori, awit damel reca
Asyera kang nistha, reca kang nistha iku
dibrukakake, didheplok nganti lembut lan banjur
diobong ana ing lebak Kidron. 17 Sanadyan
tengger-tengger pangurbanan ora disingkirake
saka ing Israel, nanging panggalihe Sang
Prabu Asa ing sajege sugenge mantep ing

pamadhepe. [18] Panjenengane nglebetake
pisungsung-pisungsunge suci kang rama
lan pisungsung-pisungsunge suci piyambak
marang ing padalemaning Allah, yaiku emas,
selaka lan barang-barang liyane. [19] Nganti
tekan ing taun kang kaping telung puluh
limane paprentahane Sang Prabu Asa ora ana
perang.

Prajanjiane Sang Prabu Asa karo Aram

16:1-14

1Ra 15:16-24

16 [1] Ing taun kang kaping telung puluh
eneme paprentahane Sang Prabu
Asa, Sang Prabu Baesa, ratu ing Israel
nglurug perang nglawan Yehuda. Kutha
Rama disantosani kanggo nyegah mlebu
metune wong marang ing wewengkone Sang
Prabu Asa, ratu ing Yehuda. [2] Sang Prabu
Asa banjur ngedalake emas lan selaka saka
ing pasimpenaning padalemane Pangeran
Yehuwah lan saka ing pasimpenaning
kedhaton, dikintunake marang Sang Prabu
Benhadad, ratu ing Aram, kang ngedhaton ana
ing Damsyik kalawan pangandikane: [3] "Kula
kaliyan panjenengan rak ngawontenaken
prajanjian, makaten ugi rama kula kaliyan
ingkang rama. Punika kula ngintunaken jene
kaliyan selaka dhumateng panjenengan.
Sumangga, kula aturi mbatalaken prajanjian
panjenengan kaliyan Baesa, ratu ing Israel,
supados mundur saking wewengkon kula."

4 Sang Prabu Benhadad karsa minangkani
pamundhute Sang Prabu Asa banjur dhawuh
marang para tetindhihing wadya-bala supaya
padha nempuh kutha-kutha Israel. Iku nuli
padha ngalahake Iyon, Dhan, Abel-Maim lan
sakehe papan pasimpenan ing kutha-kutha ing
Naftali. 5 Bareng Sang Prabu Baesa midhanget
bab iku, banjur kendel anggone nyantosani
kutha Rama, medhot padamelane. 6 Sang
Prabu Asa nuli ngerigake wong Yehuda kabeh
kadhawuhan ngangkati watu lan kayu kang
diagem Sang Prabu Baesa kanggo nyantosani
kutha Rama. Iku padha diagem Sang Prabu
Asa kanggo nyantosani Geba lan Mizpa.
7 Ing nalika iku Hanani, wong sidik, sowan
marang ing ngarsane Sang Prabu Asa,
ratu ing Yehuda, lan munjuk: "Ing sarehne
panjenengan dalem sumendhe dhateng
ratu ing Aram, boten dhateng Pangeran
Yehuwah, Gusti Allah dalem, milanipun
wadya-bala ing Aram oncat saking asta
dalem. 8 Balanipun tiyang Etiopia saha Libia
rak kathah, karetanipun saha balanipun
kapalan rak kathah sanget? Ewasamanten
sami kaulungaken dening Pangeran Yehuwah
dhateng ing asta dalem, amargi panjenengan
dalem sumendhe dhateng Panjenengipun.
9 Awit paningaling Yehuwah punika ndlajahi
ing salumahing bumi prelu badhe ngluberaken
pangwaosipun dhateng para tiyang ingkang
kaliyan terusing manah madhep dhateng ing
Panjenenganipun. Gegayutan kaliyan bab
punika panjenengan dalem sampun tumindak

tanpa budi, milanipun wiwit ing sapunika
panjenengan dalem badhe tansah ngalami
peperangan.” [10] Sang Prabu Asa banjur gerah
ing panggalih, marga saka ature wong sidik
mau, wong iku nuli dilebokake ing pakunjaran,
awit Sang Nata banget dukane marang wong
mau jalaran saka anggone munjuk mangkono
mau. Ing nalika samana Sang Prabu Asa
uga nganiaya wong sawetara panunggalane
rakyat.
[11] Anadene riwayate Sang Prabu Asa wiwit
wiwitan nganti tekan wekasan iku rak katulisan
ana ing buku bab para ratu ing Yehuda lan
ing Israel. [12] Ing taun kang kaping telung
puluh sangane paprentahane, Sang Prabu
Asa nandhang gerah sampeyan kang banjur
saya banget. Nanging sajroning gerah iku
ora ngupaya pitulunganing Yehuwah, nanging
pitulungane para dhukun. [13] Sang Prabu
Asa nuli kepareng ngaso nunggil karo para
leluhure. Sedane ing taun kang kaping patang
puluh sijine paprentahane, [14] sarta banjur
kasarekake ing astana kang wus kayasa
kagem panjenengane ana ing kuthane Sang
Prabu Dawud. Wong-wong anggone padha
nyarekake ana ing pasarean kang dikebaki
anggi-anggi lan sawernane adon-adon kang
dicampur miturut carane nyampur adon-adon,
tumuli ngurubake geni kang gedhe banget
minangka pakurmatan.

Sang Prabu Yosafat karajane kasantosakake

17:1-19

17 1 Pangeran Yosafat, kang putra,
jumeneng ratu nggentosi
panjenengane. Sarehne jumeneng dadi
panuntuning Israel, Sang Prabu banjur ngudi
supaya santosa; 2 saben kutha-beteng ing
Yehuda didekeki wadya-bala lan ing tanah
Yehuda sarta ing kutha-kutha ing Efraim kang
wus karebat dening Sang Prabu Asa, kang
rama, didekeki wadya-bala pendhudhukan.
3 Anadene Pangeran Yehuwah nunggil karo
Sang Prabu Yosafat, amarga sugenge ngambah
ing margine Sang Prabu Dawud, leluhure,
tuwin ora ngupaya marang Baal, 4 nanging
ngupaya marang Gusti Allahe kang eyange
mau, sarta nglampahi pepakene apadene
ora tumindak kaya Israel. 5 Awit saka iku
karajan kang dikuwaosi kasantosakake dening
Pangeran Yehuwah. Wong sa-Yehuda kabeh
padha nyaosake pisungsung marang Sang
Prabu Yosafat, satemah panjenengane banjur
dadi sugih lan diluhurake banget. 6 Kalawan
kencenging panggalih Sang Prabu anggone
lumampah ing dalan pitedahing Yehuwah.
Panjenengane uga nyingkirake sakehe tengger
pangurbanan lan tugu brahala saka ing tanah
Yehuda.

7 Ing taun kang katelune paprentahane, Sang
Prabu utusan para panggedhene sawatara,

yaiku Sang Obaja, Zakharia, Nataneel lan
Sang Mikhaya, padha kadhawuhan mulang ana
ing kutha-kutha ing tanah Yehuda. 8 Tindake
dikantheni wong Lewi sawetara, yaiku Sang
Semaya, Netanya, Zebaja, Asael, Semiramot,
Yonatan, Adnia, Tobia lan Tob-Adhonia sarta
Imam Elisama lan Imam Yoram. 9 Iku padha
mulang ana ing tanah Yehuda kalawan nggawa
kitab Torete Pangeran Yehuwah, padha
mider-mider ana ing sakehe kutha ing tanah
Yehuda kambi mulang rakyat.

10 Sakehe karajan ing nagara-nagara
sakubenge Yehuda padha katempuh ing
pagiris kang saka Pangeran Yehuwah, satemah
padha ora wani perang nglawan Sang Prabu
Yosafat. 11 Ing antarane wong Filisti ana kang
ngaturake pisungsung marang Sang Prabu
Yosafat lan salaka minangka bulu-bekti.
Uga wong Arab padha misungsung wedhus,
wedhus gembel lanang pitung ewu pitung
atus lan wedhus berok lanang pitung ewu
pitung atus. 12 Sang Prabu Yosafat saya suwe
saya santosa, dadi santosa linuwih. Ana ing
Yehuda panjenengane yasa beteng-beteng
lan kutha-kutha pasimpenan. 13 Sang Prabu
kagungan rerawatan akeh ana ing kutha-kutha
ing tanah Yehuda.

Para prajurit padha ana ing Yerusalem,
kabeh iku prawira kang gagah prakosa. 14 Iki
pratelane golongane manut kulawangsane;
para panggedhe saka ing Yehuda Senapati
Adna, kang mbawahake para prawira telung
atus ewu, kang gagah prakosa. 15 Nuli Senapati

Yohanan kang mbawahake wong rong atus
wolung puluh ewu; 16 banjur Senopati Amasia
bin Zikhri, kang kalawan legawa masrahake
sarirane marang Pangeran Yehuwah, iku
mbawahake para prawira rong atus ewu kang
gagah prakosa. 17 Kang saka Benyamin yaiku
Senapati Elyadha, sawijining gegedhug kang
gagah prakosa, iku mbawahake wong rong
atus ewu, kang sikep panah lan tameng.
18 Tumuli Senapati Yosabad, kang mbawahake
wong satus wolung puluh ewu, kang sikep
gegamaning perang. 19 Iku kang padha
nyangga gawe kagem Sang Nata, dadi saliyane
kang padha kapapanake dening Sang Prabu
ana ing kutha-kutha beteng ing saindenging
tanah Yehuda.

Prajanjiane Sang Prabu Yosafat karo Sang Prabu Akhab; pepenget saka Nabi Mikha lan Yehu

18:1-34

1Ra 22:1-40

18 1 Bareng Sang Prabu Yosafat sugih lan
kadunungan kaluhuran kang pinunjul,
banjur bebesanan karo Sang Prabu Akhab.
2 Let sawetara taun panjenengane tindak
martuwi Sang Prabu Akhab menyang Samaria.
Sang Prabu Akhab nuli dhawuh nyembeleh
wedhus lan sapi akeh kagem panjenengane lan
para pandhereke sarta ngajak panjenengane
nglurug menyang ing Ramot-Gilead. 3 Sang
Prabu Akhab, ratu ing Israel, ngandika marang

Sang Prabu Yosafat, ratu ing Yehuda: “Punapa
panjenengan karsa sesarengan kaliyan
kula dhateng ing Ramot-Gilead?” Paring
wangsulane: “Kita punika sami, kula kaliyan
panjenengan, rakyat panjenengan kaliyan
rakyat kula, kula badhe perang sesarengan
kaliyan panjenengan!”
4 Nanging Sang Prabu Yosafat nuli ngandika
marang Sang Nata ing Israel: “Prayoginipun
ndangu rumiyin kados pundi dhawuhipun
Pangeran Yehuwah.” 5 Sang Nata ing Israel
tumuli nglempakake para nabi, kehe patang
atus, iku banjur didangu dening Sang Prabu
Akhab: “Apa ingsun diparengake nglurug
perang nglawan Ramot-Gilead, apa prayoga
diwurungake?” Kabeh padha munjuk:
“Sumangga, kawula aturi nglurug! Gusti
Allah badhe ngulungaken punika dhateng
astanipun Sang Prabu.” 6 Nanging Sang Prabu
Yosafat nuli ndangu: “Punapa ing ngriki boten
wonten nabining Yehuwah malih, supados
dados lantaran kita nyuwun pitedah?” 7 Paring
wangsulane Sang Nata ing Israel marang Sang
Prabu Yosafat: “Taksih wonten satunggal,
ingkang saged dados lantaran nyuwun pitedah
dhateng Pangeran Yehuwah. Nanging kula
sengit dhateng piyambakipun, awit boten
nate meca ingkang sae tumrap kula, kajawi
namung bilai. Tiyang punika nama Mikha bin
Yimla.” Pangandikane Sang Prabu Yosafat:
“Sang Prabu sampun ngandika makaten,
ta.” 8 Sang Nata ing Israel tumuli nimbali
sawijining punggawa kraton, pangandikane

Sang Prabu: “Mikha bin Yimla iku dienggal
paranana!” 9 Anadene Sang Nata ing Israel lan
Sang Prabu Yosafat, ratu ing Yehuda, padha
lenggah ing dhampare piyambak-piyambak
kalawan ngagem busana kaprabon, ana ing
papan panuton ing sangarepe gapura ing
Samaria, kaadhep dening para nabi kang
padha memeca. 10 Zedhekia bin Kenaana
gawe rerekan sungu wesi lan banjur matur:
“Makaten pangandikanipun Sang Yehuwah:
Kalawan sungu iki sira bakal nyundhang Aram
nganti sira sirnakake babar pisan.” 11 Sakehe
nabi iku iya padha memeca mangkono, unjuke:
“Sumangga, panjenengan dalem kawula
aturi nglurug dhateng ing Ramot-Gilead,
panjenengan dalem badhe angsal damel;
Pangeran Yehuwah badhe ngulungaken punika
dhateng ing astanipun Sang Prabu.”
12 Utusan kang kadhawuhan nimbali Nabi
Mikha mau matur marang panjenengane:
“Kauningana, para nabi sampun sami saiyeg
nglairaken pameca ingkang sae tumrap
Sang Prabu, milanipun panjenengan mugi
inggih karsaa ngandika kadosdene salah
satunggaling nabi punika saha memeca
ingkang sae.” 13 Nanging Nabi Mikha
mangsuli, pangandikane: “Dhemi Pangeran
Yehuwah kang gesang, lah apa kang bakal
dipangandikakake dening Gusti Allahku,
iku kang bakal dakucapake.” 14 Bareng wus
sowan ing ngarsane Sang Nata, Sang Prabu
ndangu marang panjenengane: “Mikha, apa
ingsun padha kalilan nglurug perang nglawan

Ramot-Gilead apa iku sunwurungake?"
Atur wangsulane: "Sumangga, kawula aturi
tindak nglurug, paduka badhe angsal damel,
sabab sami badhe kaulungaken dhateng ing
asta paduka!" 15 Nanging Sang Nata banjur
ngandika marang panjenengane: "Nganti
ping pira ingsun dhawuh sumpah marang
sira, supaya sira mung ngaturake marang
ingsun ing sabenere bae?" 16 Unjuke Nabi
Mikha: "Kawula sampun ningali wadya-bala
Israel sami pating slebar sadaya wonten
ing redi-redi kadosdene menda ingkang
boten wonten pangenipun, milanipun Sang
Yehuwah ngandika: Wong iku ora padha
duwe gusti. Awit saka iku kareben padha
mulih menyang ing omahe dhewe-dhewe
kalawan slamet." 17 Sang Nata ing Israel nuli
ngandika marang Sang Prabu Yosafat: "Kula
rak sampun matur dhateng panjenengan:
Boten nate tiyang punika memeca ingkang
sae tumrap kula, kajawi namung bab bilai
thok?" 18 Unjuke Nabi Mikha: "Pramila paduka
mugi karsaa midhangetaken pangandikaning
Yehuwah. Kawula ningali Pangeran Yehuwah
lenggah ing dhamparipun sarta wadya-bala
ing swarga sami ngadeg sadaya ing sakiwa
tengenipun. 19 Pangeran Yehuwah ngandika:
Sapa kang ngrimuk Akhab, ratu ing Israel,
supaya nglurug perang lan banjur tiwas ana
ing Ramot-Gilead? Ingkang satungal munjuk
makaten, satunggalipun munjuk makaten.
20 Lajeng wonten satunggaling roh ingkang
majeng saha lajeng ngadeg wonten ing

ngarsaning Yehuwah sarta munjuk: Kawula
ingkang badhe ngrimuk. Sang Yehuwah
ndangu: Sarana apa? 21 Atur wangsulanipun:
Kawula badhe kesah lan dados roh doracara
wonten ing cangkemipun sakathahing
nabinipun. Pangandikanipun Sang Yehuwah:
Sira ngrimuka dheweke, sira bakal oleh gawe.
Sira mangkata lan nglakonana mangkono!
22 Dene sapunika, lah Pangeran Yehuwah
sampun nganjingaken roh doracara wonten ing
cangkemipun para nabi paduka, awit Pangeran
Yehuwah sampun mutus badhe ndhawahaken
bilai dhumateng paduka."
23 Ing kono Zedhekia bin Kenaana banjur
maju lan napuk Nabi Mikha kalawan ngucap
mangkene: "Kepriye bisane tumindak, Rohe
Sang Yehuwah kok pindhah saka aku lan
banjur mangandikani kowe?" 24 Nanging
Nabi Mikha mangsuli, pangandikane: "Lah
kowe bakal nyumurupi bab iku samangsa
kowe lumayu ndhelik saka ing kamar kang
siji menyang ing kamar sijine." 25 Sang Nata
ing Israel nuli dhawuh: "Cekelen Mikha iki,
gawanen bali marang Amon, panggedhening
kutha lan marang Yoas, putrane Sang Prabu,
26 sarta mratelakna: Makaten dhawuhipun
Sang Prabu: Wong iki lebokna ing pakunjaran
tuwin wenehana mangan roti lan ngombe
banyu kang sarwa sathithik, nganti ingsun
kondur kanthi slamet." 27 Nanging Nabi
Mikha munjuk: "Manawi saestu, paduka
kondur kanthi wilujeng, Pangeran Yehuwah
temtu boten nglairaken pangandika lumantar

kawula!” Tumuli nyambeti maneh: “Padha
ngrungokna, he bangsa-bangsa kabeh!”
28 Sawuse mangkono Sang Nata ing Israel
lan Sang Prabu Yosafat ratu ing Yehuda nuli
tindak nglurug menyang ing Ramot-Gilead.
29 Sang Nata ing Israel ngandika marang Sang
Prabu Yosafat: “Kula badhe nyamur lampah
lan lumebet dhateng ing papan paperangan,
nanging panjenengan kula aturi ngagem
busananing kaprabon.” Sang Nata ing Israel
banjur nyamur lampah lan tumuli padha
lumebu ing papan paperangan. 30 Anadene
ratu ing nagara Aram wis paring dhawuh
marang para panggedhening wadya-bala
kretan, mangkene: “Sira aja padha merangi
sadhengah wong, nanging ngemungna
nglawan perang ratune bangsa Israel bae.”
31 Bareng para tetindhihing wadya-bala kretan
ndeleng Sang Prabu Yosafat, banjur enggal
padha ngucap: “Iku ratu Israel!” Sang Prabu
Yosafat nuli dikepung arep ditempuh, nanging
Sang Prabu Yosafat banjur nguwuh-uwuh lan
Pangeran Yehuwah tumuli paring pitulungan
marang panjenengane. Gusti Allah ngundurake
para tetindhih mau saka ing panjenengane.
32 Bareng iku padha sumurup, manawa dudu
Sang Nata ing Israel, nuli padha mundur
saka ing ngarsane. 33 Nanging banjur ana
sawijining wong kang menthang gandhewa
lan nglepasake panah kalawan tanpa tujuan,
tuwin ngenani Sang Nata ing Israel pener
ing sambunganing pangagemane kere. Sang
Prabu nuli ngandika marang kang ngusiri

kreta tetindhihe: "Kendhaline ingerna, ingsun
gawanen metu saka ing paperangan, sabab
ingsun wus ketaton." 34 Nanging campuhing
perang ing dina iku saya nggegirisi, sarta
Sang Nata ing Israel tetep jumeneng ana ing
kreta titihane adhep-adhepan karo wong Aram
nganti sore. Bareng srengenge surup, Sang
Prabu Seda.

Sang Yehu, wong sidik, melehake Sang Prabu Yosafat

19:1-3

19 1 Sang Prabu Yosafat ratu ing Yehuda
kondur menyang ing kadhatone ing
Yerusalem kalawan wilujeng. 2 Nalika iku
Nabi Yehu bin Hanani, wong sidik, tindak
manggihi Sang Prabu Yosafat lan munjuk
marang panjenengane: "Punapa leres paduka
mitulungi tiyang duraka saha memitran kaliyan
tiyang ingkang sami sengit dhateng Pangeran
Yehuwah? Margi saking prakawis punika
Pangeran Yehuwah duka dhateng paduka.
3 Nanging taksik wonten bab-bab ingkang sae
ingkang pinanggih wonten ing paduka, amargi
paduka nyingkiraken tugu-tugu brahala saking
ing nagari punika saha ngupadosi Gusti Allah
kalayan temen-temen."

Sang Prabu Yosafat ngangkat para hakim

19:4-11

4 Sang Prabu Yosafat akedhaton ana ing
Yerusalem. Panjenengane tindak mider-mider
ing wilayah-wilayah, wiwit saka ing Bersyeba
nganti tekan ing pagunungan Efraim kalawan
dhawuh supaya rakyat padha mratobata
marang Pangeran Yehuwah, Gusti Allahe
para leluhure. 5 Sang Nata uga ngedegake
hakim ana ing saindenging nagara, yaiku
ing sakehe kutha-beteng ing Yehuda,
ing saben kutha. 6 Para hakim iku padha
kaparingan piweling mangkene: "Apa kang sira
tindakake iku katimbang-timbanga, amarga
anggonira padha nindakake pangadilan iku ora
kanggo manungsa, nanging kagem Pangeran
Yehuwah, kang celak kalawan sira, manawa
sira padha nindakake pangadilan. 7 Mulane
sira muga padha kalimputana ing rasa wedi
marang Sang Yehuwah. Sira padha tumindaka
kalawan ngati-ati, awit pratingkah culika,
ngeloni utawa nampani besel iku ora tinemu
ana ing Sang Yehuwah, Gusti Allah kita."
8 Ana ing Yerusalem Sang Prabu Yosafat
uga ngangkat wong Lewi, para imam lan
para leluhuring kulawangsa Israel sawetara
padha kadhawuhan aweh putusan ing bab
angger-anggering Yehuwah lan ing bab para-
padu. Iku padha manggon ana ing Yerusalem,
9 sarta padha didhawuhi mangkene: "Sira
kudu padha tumindak kalawan wedi asih

marang Pangeran Yehuwah, kalawan setya
lan tulusing ati, lire mangkene: [10] Ing saben
prakara kang diajokake marang sira dening
para sadulurira kang padha manggon ing
kutha, yaiku prakara ngwutahake getih,
utawa bab angger-angger dhedhawuhan,
katetepan lan pranatan, wong-wong iku padha
sira elingna, supaya aja nganti kaluputan
marang Pangeran Yehuwah, satemah sira
lan para sadulurira padha katempuh ing
bebendune. Padha tumindaka mangkono,
sira ora bakal padha kaluputan. [11] Lah Imam
Agung Amarya iku kang sunangkat dadi
lelurahira tumrap ing sakehe prakara kang
gegayutan karo Gusti Allah lan Zebaja bin
Ismael, pangareping turune Yehuda, tumrap
sakehe prakara karajan, dene wong Lewi
bakal padha mbiyantu sira dadi juru ngatur.
Padha tumindaka kalawan kenceng! Muga
Pangeran Yehuwah nunggala kalawan wong
kang tumemen."

Moab lan Amon kasoran.

Wekasane paprentahane Sang Prabu Yosafat

20:1--21:1

1Ra 22:41-51

20 [1] Sawuse iku bani Moab lan bani
Amon nglurug perang nglawan Sang
Prabu Yosafat, bebarengan karo wadya-bala
bangsa Meunim sabregada. [2] Nuli ana wong

kang ngaturi uninga marang Sang Prabu
Yosafat: “Wonten wadya-bala ageng ingkang
dhateng saking sabrangipun Seganten Asin,
saking Edom, ingkang nglurugi gusti kawula.
Sapunika wonten ing Hazezon-Tamar,” yaiku
En-Gedi. 3 Sang Prabu Yosafat dadine ajrih lan
banjur mutus arep ngupaya Pangeran Yehuwah
sarta ngundhangake pasa ing satanah Yehuda
kabeh. 4 Wong Yehuda tumuli padha nglumpuk
sumedya nyuwun pitulunganing Yehuwah,
padha teka saka ing sakehe kutha ing Yehuda
arep ngupaya Pangeran Yehuwah. 5 Sang Prabu
Yosafat banjur jumeneng ana ing satengahe
pasamuwane wong Yehuda lan Yerusalem ana
ing padalemaning Yehuwah, ana ing sangarepe
plataran kang anyar 6 sarta munjuk: “Dhuh
Yehuwah, Gusti Allahipun leluhur kawula
sadaya, Paduka punapa sampun boten
jumeneng Gusti Allah wonten ing swarga?
Paduka punapa sanes ingkang ngwaosi
sadaya karajaning bangsa? Paduka ingkang
kadunungan pangwaos saha kakiyatan,
satemah boten wonten tiyang ingkang
keconggah nglawan Paduka. 7 Punapa Paduka
sanes Gusti Allah kawula sadaya ingkang
nundhungi para tiyang ingkang sami manggen
ing tanah ngriki saking ing ngajenging umat
Paduka Israel saha lajeng maringaken tanah
wau dhateng tedhakipun Eyang Abraham
mitra Paduka, kangge ing salami-laminipun?
8 Satemah lajeng sami ngenggeni tanah punika
saha ngyasakaken papan pasucen dhumateng
Paduka kagem asma Paduka, punapadene

unjukipun: 9 Menawi kawula sami katempuh
ing bilai, inggih punika pedhang, wewelak,
pageblug utawi pailan, kawula sami badhe
ngadeg wonten ing ngajenging padaleman
punika, wonten ing ngarsa Paduka, amargi
asma Paduka dedunung wonten ing padaleman
punika, saha ing salebeting karupekan kawula
sami badhe sesambat dhumateng Paduka,
ngantos Paduka karsa midhangetaken sarta
lajeng ngluwari kawula sadaya. 10 Dene
sapunika, lah punika bani Amon tuwin bani
Moab sarta para tiyang saking ing pareden
Seir! Nalika tiyang Israel dhateng saking tanah
Mesir, Paduka boten marengaken sami lumebet
ing nagarinipun. Awit saking punika lajeng
dipun tebihi saha boten dipun sirnakaken.
11 Lah minangka piwales tiyang-tiyang punika
sami dhateng tuwin badhe ngesahaken kawula
sadaya saking ing tanah pusaka ingkang
sampun Paduka warisaken dhumateng kawula
sadaya. 12 Dhuh Allah kawula, punapa Paduka
boten badhe paring paukuman dhateng
tiyang-tiyang punika? Awit kawula sami
boten gadhah kakiyatan kangge nanggulangi
wadya-bala ingkang ageng, ingkang badhe
nempuh kawula sadaya punika. Kawula sami
boten sumerep, punapa ingkang kedah sami
kawula lampahi, nanging mripat kawula
tumenga dhumateng Paduka.” 13 Ing nalika iku
wong Yehuda kabeh padha ngadeg ana ing
ngarsane Pangeran Yehuwah, dalah brayate
kalawan anak bojone kabeh.

14 Ing kono Yahaziel bin Zakharia bin Benaya
in Matanya, wong Lewi saka turune Asaf,
banjur katedhakan ing Rohe Sang Yehuwah
ana ing satengahe pasamuwan, 15 lan nguwuh-
uwuh: “Sami mirengna, dhuh para sadherek
ing Yehuda sadaya tuwin para ingkang
manggen ing Yerusalem saha Gusti kawula
Sang Prabu Yosafat; makaten pangandikaning
Yehuwah dhumateng panjenengan sadaya:
Sira aja padha wedi lan aja padha giris
marang bala kang gedhe iki, amarga dudu
sira, nanging Gusti Allah kang bakal perang.
16 Sesuk sira padha medhuna, mapagna
marang wong-wong iku. Iku bakal padha
munggah menyang ing unggah-unggahan
ing Zis sarta sira bakal padha katemu karo
wong-wong iku ana ing pungkasaning lebak ing
sangarepe pasamunan Yeruel. 17 Ing sajroning
peperangan iki sira ora usah padha perang.
He Yehuda lan Yerusalem, padha ngadega
bae ana ing papanira, lan padha ndelenga
kepriye anggone Pangeran Yehuwah paring
kaunggulan marang sira. Sesuk sira padha
mapagna wong-wong iku, Pangeran Yehuwah
bakal nunggil kalawan sira kabeh.” 18 Sang
Prabu Yosafat banjur jengkeng, wedanane
konjem ing lemah. Wong Yehuda kabeh lan
para wong kang manggon ing Yerusalem uga
padha sujud ana ing ngarsaning Yehuwah
sarta padha nyembah marang Panjenengane.
19 Wong Lewi saka bani Kehat lan bani Korakh
banjur padha ngadeg lan ngrepekake kidung

pamuji kagem Pangeran Yehuwah, Gusti Allahe Israel kalawan swara kang seru banget.
[20] Esuke uthuk-uthuk wus padha lumebu
menyang ing pasamunan ing Tekoa. Nalika
arep padha mangkat, Sang Prabu Yosafat
jumeneng lan ngandika: "Padha ngrungokna,
he Yehuda lan wong Yerusalem! Sira padha
pracayaa marang Pangeran Yehuwah, Gusti
Allahira, lan sira bakal padha tetep santosa!
Padha pracayaa marang para nabine lan
sira bakal padha oleh gawe!" [21] Bareng wus
mundhut pamrayogane rakyat, Sang Prabu
banjur ngangkat wong kang bakal padha
ngrepekake kekidungan kagem Pangeran
Yehuwah sarta memuji marang Pangeran
Yehuwah kalawan nganggo sandhangan suci
kang mencorong, nalika padha lumaku ana
ing ngarepe wong kang padha sikep gegaman,
kalawan celathu:

"Padha ngrepekna kidung panuwun kagem
Sang Yehuwah awit sih-susetyane iku
langgeng ing salawase!"

[22] Bareng padha wiwit surak-surak lan
ngrepekake kidung pepujian, Pangeran
Yehuwah banjur karya wadya-bala cegatan
tumrap bani Amon lan bani Moab, sarta
para wong kang saka ing pagunungan Seir,
kang padha arep nempuh Yehuda, satemah
padha disorake. [23] Bani Amon lan bani
Moab banjur nempuh wong kang padha
manggon ing pagunungan Seir, arep ditumpes
lan disirnakake. Sawuse nyirnakake wong
Seir, tumuli padha paten-pinatenan dhewe.

24 Bareng wong Yehuda teka ing papan
pagunungan ing pasamunan, banjur padha
ngawasake panggonaning wadya-bala, lah
katon wus padha dadi bangke kabeh pating
glethak ana ing bumi, ora ana kang bisa oncat.
25 Sang Prabu Yosafat sawadya-balane nuli
mandhap lan njarah-rayah barang-barange.
Padha oleh raja-kaya, raja-brana, sandhangan
lan barang-barang kang pengaji. Kang kajarah
iku kehe ngluwihi kang bisa digawa. Telung
dina suwene anggone padha njarah-rayah
barang-barang mau, marga saka akehe.
26 Ing dina kang kaping pate padha nglumpuk
ana ing Lebak Pangalembana. Ana ing
kono padha ngluhurake Pangeran Yehuwah,
mulane panggonan mau kaaranan Lebak
Pangalembana nganti tekan saiki. 27 Sawuse
mangkono wong Yehuda lan wong Yerusalem
banjur padha bali kabeh ndherekake
Sang Prabu Yosafat, padha bali menyang
ing Yerusalem kalawan bungah, amarga
Pangeran Yehuwah paring kaunggulan, dene
mungsuhe wus kasoran. 28 Anggone lumebu
ing Yerusalem kalawan slukat, clempung
lan kalasangka sarta banjur njujug ing
padalemaning Yehuwah. 29 Sakehe karajan
ing nagara-nagara liya padha katempuh ing
pagiris, nalika krungu bab anggone Pangeran
Yehuwah perang nglawan para mungsuhe
Israel. 30 Anadene karajane Sang Prabu
Yosafat ngalami tentrem, jalaran Gusti Allahe
ngganjar katentreman warata.

[31] Sang Prabu Yosafat ngasta paprentahan
ana ing Yehuda. Nalika jumeneng ratu yuswane
telung puluh lima tahun, dene anggone ngasta
paprentahan ana ing Yerusalem lawase selawe
taun. Kang ibu asma Azuba, putri putrane Sang
Silkhi. [32] Sugenge ngenut tindake Sang Prabu
Asa, kang rama, ora nyleweng saka iku, sarta
nglampahi apa kang bener ana ing paningale
Sang Yehuwah. [33] Mung bae tengger-tengger
pangurbanan ora disingkirake. Bangsa iku
durung madhepake atine marang Gusti Allahe
para leluhure. [34] Anadene kekarene riwayate
Sang Prabu Yosafat, wiwit sakawit nganti
tekan ing wekasan, lah kabeh iku katulisan
ana ing riwayate Nabi Yehu bin Hanani, kang
kamot ing buku bab para raja ing Israel.

[35] Sawuse mangkono Sang Prabu Yosafat,
ratu ing Yehuda, nganakake pasarujukan
karo Sang Prabu Ahazia, ratu ing Israel, kang
tindak-tanduke ala. [36] Anggone nganakake
pasarujukan karo Sang Prabu Ahazia iku
karsane arep yasa prau-prau kang kena
dianggo lelayaran menyang ing Tarsis.
Panggawene kapal-kapal iku ana ing Ezion-
Geber. [37] Nanging Nabi Eliezer bin Dodawa
saka ing Maresa tumuli medhar wangsit
marang Sang Prabu Yosafat, unjuke: "Ing
sarehne Paduka ngawontenaken pasarujukan
kaliyan Sang Prabu Ahazia, milanipun
Pangeran Yehuwah badhe ngrisak pakaryan
paduka." Kapal-kapal mau nuli padha remuk
lan ora bisa lelayaran menyang ing Tarsis.

21 [1] Wasana Sang Prabu Yosafat kepareng
aso nunggil karo para leluhure, lan
banjur kasarekake ing sandhinge para leluhure
ana ing kuthane Sang Prabu Dawud. Dene
Pangeran Yoram, kang putra, nuli jumeneng
ratu nggentosi panjenengane.

Sang Prabu Yoram

21:2-20

2Ra 8:16-24

[2] Anadene para sadhereke, para putrane
Sang Prabu Yosafat, yaiku: Pangeran Azarya,
Pangeran Yehiel, Pangeran Zakharya, Pangeran
Azariahu, Pangeran Mikhael lan Pangeran
Sefaca. Iku kabeh padha putrane Sang
Prabu Yosafat, ratu ing Yehuda. [3] Kabeh
padha tampa peparing akeh saka kang rama,
arupa emas, selaka lan barang-barang kang
pangaji, uga kutha-kutha beteng ing Yehuda.
Mung bae kalenggahaning ratu kaparingake
marang Pangeran Yoram, amarga iku putra
pambajeng. [4] Bareng Sang Prabu Yoram ngasta
paprentahan ing karajane kang rama lan
rumaos santosa, Sang Prabu banjur nyedani
para sadhereke kabeh kalawan pedhang, uga
para panggedhening Israel sawatara. [5] Sang
Prabu Yoram yuswa telung puluh loro taun
nalika jumeneng ratu iku lan anggone ngasta
paprentahan ana ing Yerusalem lawase wolung
taun. [6] Sugenge ngenut lampah-lampahe
para ratu ing Israel kaya tindake brayate
Sang Prabu Akhab, amarga garwane iku putri

putrane Sang Prabu Akhab. Kang dilampahi
iku apa kang ala ana ing paningale Sang
Yehuwah. 7 Nanging sanadyan mangkono
Pangeran Yehuwah ora karsa nyirnakake
tedhake Sang Prabu Dawud marga saka anane
prajanjian kang dianakake kalawan Sang
Prabu Dawud, laras karo anggone prajanji,
manawa Panjenengane bakal paring turun
marang Sang Prabu Dawud dalah satedhak
turune nganti ing salawas-lawase.
8 Ing nalika jamane Sang Prabu Yoram,
Edom mbalela marang pangwasane Yehuda
lan banjur njumenengake ratu dhewe. 9 Sang
Prabu Yoram dalasan para panggedhening
wadya-balane lan sakehe kretane padha maju
perang; ing wayah bengi Sang Nata wungu
sarta kalawan kadherekake para tetindhihing
wadya-bala kretan panjenengane nuli nrobos
pabarisane wong Edom kang ngepung. 10 Kaya
mangkono Edom anggone mbalela marang
pangwasane Yehuda lan banjur mardika
nganti saprene. Ing nalika samana Libna uga
mbalela marang pangwasane Yehuda. Mulane
mangkono sabab Sang Nata nilar Pangeran
Yehuwah, Gusti Allahe para leluhure. 11 Sarta
maneh panjenengane yasa tengger-tengger
pangurbanan ana ing gunung-gunung ing
tanah Yehuda. Wong kang padha manggon ing
Yerusalem padha dibujuk supaya laku jina lan
wong Yehuda padha disasarake. 12 Nuli ana
layang kang diaturake marang panjenengane
saka Nabi Elia kang mangkene surasane:
“Makaten pangandikanipun Pangeran

Yehuwah, Gusti Allahipun Sang Prabu Dawud,
leluhur dalem: Ing sarehne sira ora lumaku
ing dalane Yosafat, bapakira lan Asa, ratu ing
Yehuda, [13] nanging ngenut ing lakune para
ratu ing Israel lan mbujuk Yehuda lan para
wong ing Yerusalem supaya laku jina, padha
kaya kang ditindakake dening brayate Akhab,
mangkono uga sarehne sira wus mateni para
sadulurira, sakehe turune bapakira kang luwih
becik tinimbang karo sira, [14] mulane Pangeran
Yehuwah bakal ndhatengake wewelak gedhe
marang rakyatira, anak-anakira, para bojonira,
apadene marang sakehe barang darbekira.
[15] Dene sira dhewe bakal nandhang lelara kang
nggegirisi, sawijining lelara usus, satemah
manawa wis sawetara mangsa ususira bakal
metu marga saka lelara iku."

[16] Pangeran Yehuwah banjur nenangi atine
wong Filisti lan wong Arab kang manggon
cedhak karo wong Etiopia supaya padha
nglawan Sang Prabu Yoram. [17] Iku nuli
padha nglurug nglawan Yehuda, padha
lumebu mrono lan ngusungi sakehe barang
darbe kang tinemu ana ing kratone Sang
Prabu, minangka jarahan, uga para putra
lan para garwane, satemah ora ana putra
siji bae kari kajaba Pangeran Yoas, putrane
kang wuragil. [18] Sawuse iku kabeh kelakon
Pangeran Yehuwah banjur ndhawahake
wewelak marang Sang Nata arupa lelara
usus, kang ora bisa mari. [19] Let sawetara
mangsa, kira-kira sawuse rong taun, ususe
padha metu marga saka gerahe mau, wasana

banjur seda kalawan nandhang rekaos kang
nggegirisi. Rakyate ora ngurubake geni kagem
panjenengane kayadene kang katindakake
kagem para leluhure. [20] Nalika jumeneng
ratu panjenengane yuswa telung puluh loro
taun, dene anggone ngasta paprentahan ing
Yerusalem lawase wolung taun. Sedane ora
ana kang nangisi. Anggone nyarekake ana ing
kuthane Sang Prabu Dawud, nanging ora ana
ing pasareane para ratu.

Sang Prabu Ahazia

22:1-6

2Ra 8:25-29

22 [1] Para wong ing Yerusalem banjur
njumenengake ratu Pangeran Ahazia,
putrane kang wuragil nggentosi panjenengane,
awit para putrane kang luwih sepuh yuswane
wus padha disedani kabeh dening grombolan
kang nekani pakuwon bebarengan karo para
wong Arab. Mangkono dadine Pangeran
Ahazia, putrane Sang Prabu Yoram, ratu
ing Yehuda, banjur jumeneng ratu. [2] Nalika
jumeneng ratu iku Sang Prabu Ahazia yuswa
patang puluh loro taun, dene anggone ngasta
paprentahan ana ing Yerusalem suwene
setaun. Kang ibu asma Atalya, wayahe Sang
Prabu Omri. [3] Sang Prabu sugenge iya manut
ing lampah-lampahe tedhake Sang Prabu
Akhab, awit kang ibu paring pitutur supaya
nglampahi kang ala. [4] Sang Prabu nindakake
apa kang ala ana ing paningaling Yehuwah,

amarga sasedane kang rama, iku tumuli padha
dadi juru pirembage kang gawe cilakane.
5 Marga saka pirembage wong-wong mau uga
panjenengane nuli tindak bebarengan karo
Sang Prabu Yoram putrane Sang Prabu Akhab,
ratu ing Israel, arep lumawan ing perang karo
Sang Prabu Hazael, ratu ing Aram, menyang
ing Ramot-Gilead, nanging Sang Prabu Yoram
banjur ketaton dening wong Aram, 6 Sang
Prabu banjur kondur menyang ing Yizreel arep
jejampi marga saka anggone ketaton ana
ing Rama nalika perang nglawan Sang Prabu
Hazael, ratu ing Aram mau. Anadene Sang
Prabu Ahazia, putrane Sang Prabu Yoram ratu
ing Yehuda, tumuli tindak martuwi marang
Sang Prabu Yoram, putrane Sang Prabu Akhab,
menyang ing Yizreel, marga panjenengane
nandhang gerah.

Sang Prabu Ahazia disedani Sang Yehu

22:7-9

2Ra 9:27-29

7 Gusti Allah wus nemtokake, manawa Sang
Prabu Ahazia bakal seda ing wektu martuwi
Sang Prabu Yoram; bareng Sang Prabu Ahazia
rawuh, tumuli bebarengan karo Sang Prabu
Yoram manggihi Sang Yehu, wayahe Sang
Nimsi, kang wus dijebadi dening Pangeran
Yehuwah, supaya panjenengane iku kang
nyirnakake tedhake Sang Prabu Akhab.
8 Nalika Sang Yehu matrapi paukuman marang
tedhake Sang Prabu Akhab, kepanggih karo

para panggedhe ing Yehuda lan para putrane
sadherek-sadhereke Sang Prabu Ahazia,
kang padha ngladosi Sang Prabu Ahazia;
iku iya padha disedani. 9 Sawuse mangkono
tumuli madosi Sang Prabu Ahazia. Sang
Prabu Ahazia kecepeng nalika ndhelik ana
ing Samaria, banjur kaladosake marang ing
ngarsane Sang Yehu, nuli disedani, nanging
iya tumuli kasarekake, amarga pangucape
wong: “Panjenengane iku wayahe Sang Prabu
Yosafat, kang ngupaya marang Pangeran
Yehuwah kalawan gumolonging panggalihe.”
Anadene kulawargane Sang Prabu Ahazia iku
ora ana kang keconggah ngasta paprentahan
maneh.

Sang Putri Atalya kasedanan lan Pangeran Yoas jumeneng ratu

22:10-23:21

2Ra 11:1-21

10 Sang Putri Atalya, ibune Sang Prabu
Ahazia, bareng mirsa, manawa kang putra
wus seda, banjur tumandang nyirnakake
sakehe tedhak turuning ratu, trah Yehuda.
11 Nanging Sang Putri Yosabat, putra putrine
Sang Prabu, mundhut Pangeran Yoas, putrane
Sang Prabu Ahazia, kaculik saka ing satengahe
para putrane Sang Prabu kang bakal disedani
mau, banjur dilebetake ing gudhang pasarean
karo inyane. Kaya mangkono Sang Putri
Yosabat, putri putrane Sang Prabu Yoram,
garwane Imam Yoyadha, -- panjenengane iku

sadhereke putri Sang Prabu Ahazia -- anggone
ndhelikake Pangeran Yoas saka ing ngarsane
Sang Putri Atalya, satemah ora nganti disedani
dening Sang Putri Atalya; 12 nem taun anggone
Pangeran Yoas dedalem kalawan umpetan
ana ing padalemaning Allah nunggil karo para
kadange mau, ing nalikane Sang Putri Atalya
ngasta paprentahan ana ing nagara.

23 1 Nanging ing taun kang kaping
pitune Imam Yoyadha nggemblengake
tekade nganakake pasarujukan karo para
panggedhening wadya-bala satus, yaiku:
Azarya bin Yeroham, Ismael bin Yohanan,
Azarya bin Obed, Maaseya bin Adaya lan
Elisafat bin Zikhri. 2 Iku padha mider-mider
ing tanah Yehuda lan nglumpukake para
wong Lewi ing sakehe kutha ing Yehuda
lan para tetindhihing kulawangsane wong
Israel, iku padha teka ing Yerusalem
kabeh. 3 Wong sapasamuwan iku kabeh
banjur padha gawe prajanjian karo Sang
Prabu ana ing padalemaning Allah. Imam
Yoyadha ngandika marang wong-wong mau:
"Delengen, iki putrane Sang Nata! Kareben
panjenengane ngasta paprentahan, kaya
kang wus kapangandikakake dening Pangeran
Yehuwah tumrap para tedhake Sang Prabu
Dawud. 4 Iki kang kudu padha koktindakake:
Panunggalanmu, yaiku kang wus rampung
anggone nglakoni kawajibane ing dina Sabat,
imam utawa wong Lewi, iku kang sapratelon
padha dadia jaga gapura, 5 sapratelon maneh
padha mapana ana ing kadhaton, lan kang

sapratelon ana ing Gapura Dhasar, dene rakyat
kabeh padha anaa ing plataraning padalemane
Sang Yehuwah. 6 Sapa bae ora kena lumebu
ing padalemaning Yehuwah, kajaba para
imam lan para wong Lewi kang lagi nindakake
kawajibane. Iku kena lumebu, awit iku padha
suci, nanging rakyat kabeh kudu padha
netepi pranataning Yehuwah. 7 Para wong
Lewi padha anaa ing sakubenge Sang Prabu,
siji-sijine sikepa gegaman, lan sapa bae
kang lumebu ing padaleman iku kapatenana,
sarta manawa Sang Prabu miyos utawa
lumebet, iku dherekna.” 8 Para wong Lewi
lan wong Yehuda kabeh padha nglakoni apa
sadhawuhe Imam Yoyadha kabeh; siji-sijine
nggawa wong-wonge kang wus rampung
anggone nindakake kawajibane ing dina Sabat
bebarengan karo para wong kang lumebu
prelu nindakake kawajibane ing dina iku, awit
golongan-golongan iku ora ana kang diliburake
dening Imam Yoyadha. 9 Imam Yoyadha nuli
maringi tumbak marang para tetindhihing
wadya-bala satus mau, lan tameng cilik
sarta tameng gedhe, kagungane Sang Prabu
Dawud, kang ana ing padalemaning Allah.
10 Panjenengane mapanake rakyat kabeh
kalawan padha sikep gegaman tumbak wiwit
ing sisih tengene padaleman nganti tekan ing
sisih kiwaning padaleman kalawan ngubengi
misbyah lan padaleman mau prelu ngayomi
Sang Nata. 11 Sawuse mangkono Imam
Yoyadha lan para putrane banjur ngaturi miyos
Sang Rajaputra, kang tumuli diagemi makutha

lan dicaosi angger-anggering Allah, nuli padha
njumenengake panjenengane dadi ratu sarta
njebadi panjenengane lan banjur padha alok:
“Sugenga Sang Prabu!”
12 Bareng Sang Putri Atalya miyarsa alok-
aloke rakyat kang padha mlayu-mlayu marani
lan ngluhurake Sang Nata, panjenengane
tumuli tindak manggihi rakyat iku menyang ing
padalemaning Yehuwah. 13 Banjur mirsa Sang
Nata jumeneng ing sacedhake sakane ing
dalan lumebu lan para panggedhe sarta para
kang nggawa kalasangka ana ing sacedhake
Sang Prabu, dene rakyat ing nagara kabeh
padha abungah-bungah karo ngunekake
kalasangka, sarta para juru ngidung padha
nuntun kang ngrepekake kekidungan pepujian
kalawan nyekel piranti-pirantining musik.
Sang Putri Atalya banjur nyuwek-nyuwek
pangagemane kambi alok: “Kiyanat, kiyanat!”
14 Nanging Imam Yoyadha tumuli dhawuh
marang para panggedhening wadya-bala satus
supaya padha metu, yaiku para wong kang
dadi tetindhihing wadya-bala sarta padha
dipangandikani: “Wong iku gawanen metu
saka ing satengahe pabarisan! Sapa kang
mbelani patenana kalawan pedhang!” Sabab
wus ana dhawuhe imam mau: “Aja kokpateni
ana ing padalemaning Yehuwah!” 15 Sang putri
nuli kacepeng lan bareng tindake tekan ing
dalem lumebu ing kraton, ing gapura jaran,
banjur disedani ana ing kono.
16 Imam Yoyadha nuli damel prajanjian
ing antarane panjenengane kalawan rakyat

kabeh karo Sang Prabu, manawa kabeh
padha dadi umating Yehuwah. 17 Sawuse
mangkono rakyat kabeh tumuli lumebu ing
omah pepundhen Baal, iku banjur karubuhake;
misbyah-misbyahe lan reca-recane padha
diremuki; Matan, imame Baal, dipateni ana ing
sangarepe misbyah-misbyah mau. 18 Imam
Yoyadha nuli masrahake kawajiban rumeksa
padalemaning Yehuwah marang para imam lan
para wong Lewi, kang wus kapantha-pantha
dening Sang Prabu Dawud kanggo pagawean
ing sajroning padalemane Pangeran Yehuwah,
yaiku saos kurban obaran marang Sang
Yehuwah -- kaya kang katulisan ing Torete
Nabi Musa -- kanthi asumyak-sumyak lan
kalawan kekidungan manut pitedhahe Sang
Prabu Dawud. 19 Imam Yoyadha uga mranata
para kang kadhawuhan jaga lawanging
gapura-gapura ing padalemaning Yehuwah,
supaya aja nganti ana wong kang lumebu,
kang nandhang sadhengaha najis. 20 Sawuse
iku para panggedhening rakyat lan rakyat
ing nagara kabeh padha kaajak ndherekake
Sang Prabu mandhap saka ing padalemaning
Yehuwah: banjur padha lumebu ing kadhaton
ngliwati gapura Luhur, tumuli nglenggahake
Sang Prabu ing dhamparing karajan. 21 Rakyat
sanagara kabeh padha abungah-bungah sarta
kaananing nagara banjur tentrem, sawuse
Sang Putri Atalya disedani kalawan pedhang.

Sang Prabu Yoas

24:1-27

2Ra 12:1-21

24 1 Pangeran Yoas yuswa pitung taun
nalika jumeneng ratu iku, sarta
anggone ngasta paprentahan ana ing
Yerusalem lawase patang puluh taun. Kang
ibu asma Zibya, saka ing Bersyeba. 2 Sang
Prabu Yoas nglampahi apa kang bener ana ing
paningaling Yehuwah sajege sugenge Imam
Yoyadha. 3 Imam Yoyadha mundhutake garwa
loro Sang Prabu, kang banjur padha peputra
kakung lan putri. 4 Sang Prabu Yoas nuli
kagungan karsa arep ndandosi padalemaning
Yehuwah. 5 Para imam lan para wong Lewi
padha diklempakake lan dipangandikani
mangkene: "Sira padha mider-midera ing
kutha-kutha ing Yehuda sarta nglumpukna
dhuwit saka wong Israel kabeh kanggo
ndandani padalemaning Gusti Allahira saben
taun. Iku enggal sira tindakna!" Nanging para
wong Lewi ora enggal-enggal nglakoni dhawuh
iku. 6 Sang Prabu nuli nimbali Imam Agung
Yoyadha sarta ndangu marang panjenengane:
"Punapa sababipun, dene panjenengan kok
boten mundhut dhateng para tiyang Lewi
supados sami nglempakaken paos wonten
ing Yehuda saha ing Yerusalem, ingkang
katetepaken dening Nabi Musa, abdining
Allah, tumrap pasamuwan Israel kangge Tarub
papaning angger-anggeripun Gusti Allah?

[7] Amargi para putranipun eyang Atalya, wanita
duraka punika, sami ngrisak padalemaning
Allah, malah sami ngginakaken barang-barang
suci ing padalemaning Yehuwah kangge para
Baal.”
[8] Sawuse mangkono Sang Prabu banjur
dhawuh gawe pethi kang didekek ing
sangarepe gapuraning padalemane Pangeran
Yehuwah, [9] sarta nuli dhawuh ngumumake ana
ing Yehuda lan ing Yerusalem, manawa wong
kudu asok pajeg kagem Pangeran Yehuwah,
kang ditetepake dening Nabi Musa, abdining
Allah, tumrap wong Israel ana ing pasamunan.
[10] Sakehing panggedhe lan rakyat kabeh padha
bungah; padha teka karo nggawa pajege,
dilebokake ing pethi mau nganti kebak.
[11] Saben-saben pethi digawa lumebu prelu
dipriksa dening para wong Lewi atas asmane
Sang Prabu, lan manawa wus katon isi dhuwit
akeh, panitrane Sang Prabu lan para kang
dikwasakake dening Imam Agung padha teka
ngwetokake isining pethi mau, nuli dibalekake
marang ing panggonane maneh. Kaya
mangkono iku saben-saben katindakake, lan
akeh dhuwit kang diklumpukake. [12] Sang Prabu
lan Imam Agung Yoyadha masrahake dhuwit
mau marang kang manggedheni pagaweaning
padalemaning Yehuwah. Iki banjur padha
menehake dhuwit iku marang para tukang
natah lan para tukang kayu minangka opah
anggone ndandani padalemaning Yehuwah;
uga marang para tukang besi lan tembaga
kang padha ndandani padalemaning Yehuwah.

13 Sawuse mangkono tukang-tukang mau
padha wiwit nyambut gawe; tumindaking
pagawean rancag kagarap ing wong-wong iku.
Padalemaning Allah kabangun maneh manut
kaanane sakawit lan disantosakake. 14 Bareng
wus rampung, turahane dhuwit dicaosake
marang Sang Prabu lan Imam Agung Yoyadha.
Dhuwit iku dianggo gawe prabot-praboting
padalemaning Pangeran Yehuwah, yaiku:
piranti-piranti kanggo nganakake kebaktian,
piranti-piranti kanggo caos kurban obaran,
uga piring-piring lan piranti-piranti emas
lan selaka. Sajege sugenge Imam Agung
Yoyadha kurban obaran ajeg kasaosake ana
ing padalemaning Yehuwah.
15 Kacarita Imam Agung wus sepuh lan wus
akeh banget yuswane, nuli seda. Sedane
nalika yuswa satus telung puluh taun,
16 banjur disarekake ana ing kuthane Sang
Prabu Dawud sandhing para ratu, marga saka
pandamel-pandamele kang becik ana ing
tanah Israel kang tumuju marang Gusti Allah
lan padalemane. 17 Sasedane Imam Agung
Yoyadha, para panggedhe ing Yehuda padha
sowan lan sumungkem ana ing ngarsane
Sang Prabu. Wiwit nalika iku Sang Prabu
kang dipidhangetake ature wong-wong iku,
18 dadine banjur padha ninggal padalemaning
Yehuwah, Gusti Allahe para leluhure, sarta
tumuli padha nyembah marang tugu-tugu
brahala lan reca-reca brahala. Marga saka
kaluputane iku Yehuda lan Yerusalem katiban
ing bebendu. 19 Nanging Sang Yehuwah utusan

para nabi marang wong-wong mau, supaya
padha mratobat marang Panjenengane. Para
nabi mau banget-banget anggone ngengetake,
nanging ora padha gelem ngrungokake.
20 Rohing Allah banjur menuhi Imam Zakharia,
putrane Imam Agung Yoyadha; iku jumeneng
ana ing ngarepe rakyat lan ngandika:
“Mangkene pangandikane Gusti Allah:
Yagene sira padha nerak marang pepakening
Yehuwah, nganti sira padha ora kadunungan
kabegjan? Sarehne sira padha ninggal
Pangeran Yehuwah, mulane Panjenengane iya
nilar sira.” 21 Nanging nuli padha sekuthon
lumawan marang panjenengane lan awit saka
dhawuhe Sang Prabu banjur padha mbenturi
watu panjenengane ana ing platarane
padalemane Pangeran Yehuwah. 22 Sang Prabu
Yoas ora ngengeti marang kasetyane Imam
Agung Yoyadha, kang ramane Imam Zakharia,
marang panjenengane. Sang Nata nyedani
putrane Imam Agung Yoyadha, kang nalika
sedane ngandika: “Pangeran Yehuwah muga
nguningana lan paring piwales!”
23 Kacarita nalika salining taun wadya-bala
Aram nglurugi Sang Prabu Yoas sarta lumebu
ing Yehuda lan Yerusalem, sakehe panggedhe
bangsa padha disedani nganti entek lan
sakehe jarahan dikirimake marang Sang
Nata ing Damsyik. 24 Sanadyan wadya-bala
Aram iku mung sathithik, nanging Pangeran
Yehuwah ngulungake wadya-bala kang gedhe
banget iku marang wong-wong mau, amarga
wong Yehuda wus padha ninggal Pangeran

Yehuwah, Gusti Allahe para leluhure. Kaya
mangkono dadine wong Aram padha nibakake
paukuman marang Sang Prabu Yoas. [25] Nalika
wadya-bala Aram lunga saka ing ngarsane
-- mangka nalika ditinggal iku Sang Prabu
nandhang tatu banget -- para punggawane
padha sekuthon nglawan panjenengane marga
saka rahe putrane Imam Agung Yoyadha mau,
Sang Nata nuli disedani ana ing pasareane.
Sang Prabu seda lan disarekake ana ing
kuthane Sang Prabu Dawud, nanging ora
ana ing pasareane para ratu. [26] Kang padha
sekuthon iku yaiku: Zabad, anake Simeat
wong wadon Amon, lan Yozabad, anake
Simrit wong wadon Moab. [27] Mungguh para
putrane lan pangandikaning Allah kang akeh
kang tumuju marang panjenengane, sarta
bab anggone ndandani padalemaning Allah,
kabeh iku katulisan ana ing Tapsiran bab
Kitab Para Raja. Sang Pangeran Amazia,
kang putra, banjur jumeneng ratu nggentosi
panjenengane.

Sang Prabu Amazia

25:1-28

2Ra 14:1-22

25 [1] Pangeran Amazia nalika jumeneng
ratu yuswane salawe taun, dene
anggone ngasta paprentahan ing Yerusalem
lawase sangalikur taun. Kang ibu asma
Yoadan, saka ing Yerusalem. [2] Sang Prabu
nglampahi apa kang bener ana ing paningaling

Yehuwah, mung bae ora kalawan gumolonging
panggalih. 3 Bareng pangwasaning karajan
wus santosa ana ing astane, para punggawa
kang nyedani Sang Nata, kang rama, padha
dipateni. 4 Nanging anak-anake ora diukum
pati, awit Sang Nata nindakake apa kang
katulisan ing sajroning Toret, yaiku kitabe
Nabi Musa, kang uga isi dhawuhe Pangeran
Yehuwah: "Aja ana bapa kang mati marga
saka anake, lan uga aja ana anak kang mati
marga saka bapakne, nanging saben wong
matine kudu marga dosane dhewe."
5 Sang Amazia banjur nglempakake wong
Yehuda, yaiku wong Yehuda lan Benyamin
kabeh, padha didhawuhi ngadeg manut
para kulawangsane, dipanggedheni dening
tetindhihing wadya-bala sewu lan para
tetindhihing wadya-bala satus. Bareng
kaetung dening Sang Nata wong kang umur
rong puluh taun munggah, tinemune ana
nonoman telung atus ewu kang sembada
ing perang kalawan sikep tumbak lan
tameng. 6 Kajaba saka iku panjenengane
nyewa saka Israel wong prawira kang gagah
prakosa cacahe satus ewu, sewane satus
talenta selaka. 7 Nanging nuli ana abdining
Allah kang sowan marang ing ngarsane
sarta munjuk: "Dhuh, Sang Prabu, sampun
ngantos marengaken wadya-bala Israel
nunggil kaliyan gusti kawula, awit Pangeran
Yehuwah boten nunggil kaliyan Israel, inggih
punika sakathahing bani Efraim punika.
8 Dene manawi punika meksa katunggilaken,

sanadyan kados pundi kemawon tumindak
paduka saha kakiyatan paduka ing salebeting
peperangan, Gusti Allah badhe ndhawahaken
paduka wonten ing ngajenging mengsah,
amargi Gusti Allah punika kagungan pangwaos
mitulungi tuwin ndhawahaken!” 9 Sang Prabu
Amazia tumuli ngandika marang abdining
Allah mau: “Lah banjur kapriye dhuwit satus
talenta kang wus sunparingake marang
wadya-bala Israel iku?” Atur wangsulane
abdining Allah: “Pangeran Yehuwah saged
maringi dhumateng paduka langkung saking
samanten!” 10 Sang Prabu Amazia nuli misah
wadya-bala kang saka Efraim lan nunggil
karo panjenengane mau, padha kadhawuhan
bali menyang ing papan padunungane.
Wong-wong iku banjur nepsu banget marang
Yehuda. Anggone padha mulih kalawan nepsu
ngigit-igit. 11 Sang Prabu Amazia ngatingalake
kekendelane, panjenengane mangagengi
rakyate kalurugake menyang ing Lebak Asin
lan nggecak panunggalane wong bani Seir
sapuluh ewu. 12 Kajaba iku ana wong sapuluh
ewu kan ditawan urip-uripan dening bani
Yehuda kang banjur kagawa menyang ing
pucake sawijining gunung parang, tumuli
dijorogake mangisor saka ing pucaking gunung
parang iku, satemah padha ajur mumur
kabeh. 13 Nanging para wong saka wadya-bala
kang didhawuhi mulih dening Sang Prabu
Amazia, kang ora diparengake ndherek perang
panjenengane, iku padha nempuh kutha-kutha
ing Yehuda saka ing Samaria nganti tekan ing

Bet-Horon sarta mateni wong kang manggon
ing kono telung ewu tuwin ngrampas jarahan
akeh.
[14] Bareng Sang Prabu Amazia kondur saka
anggone ngawonake wong Edom mau, para
allahe bani Seir kang kaasta kondur, banjur
kaedegake kadadekake allahe; Sang Prabu
nuli sujud lan nyembah marang allah-allah iku
sarta disajeni kurban. [15] Ing kono Pangeran
Yehuwah duka marang Sang Prabu Amazia,
banjur utusan nabi sowan marang ing
ngarsane, kang tumuli munjuk: "Punapa
sababipun dene paduka madosi allahipun
bangsa ingkang boten saged ngluwari
bangsanipun piyambak saking asta paduka?"
[16] Nalika nabi mau lagi matur, Sang Prabu
Amazia ngandika: "Apa sira sundadekake juru
pirembage Sang Nata? Menenga! Apa sira
njaluk mati?" Nabi mau banjur kendel, nanging
sawuse matur: "Kawula punika sumerep bilih
Gusti Allah sampun mutus badhe nyirnakaken
paduka, awit paduka sampun tumindak
makaten, saha boten karsa midhangetaken
dhateng rembag kawula."
[17] Sawuse mangkono Sang Prabu Amazia,
ratu ing Yehuda, nganakake pirembagan lan
banjur utusan wong marang ing ngarsane Sang
Prabu Yoas, bin Yoakhas bin Yehu, ratu ing
Israel, kadhawuhan nglantarake pangandikane
mangkene: "Sumangga kita sami ngaben
kakiyatan!" [18] Nanging Sang Prabu Yoas,
ratu ing Israel, nuli utusan sowan marang
ing ngarsane Sang Prabu Amazia, ratu ing

Yehuda, kadhawuhan maringake wangsulane
mangkene: “Wit eri ing redi Libanon punika
kintun piweling dhateng wit eres ing redi
Libanon makaten: Anak sampeyan estri
sampeyan sukakaken dhateng anak kula jaler,
dadosa semahipun. Nanging kewan-kewan ing
wana ingkang wonten ing redi Libanon punika
langkung ing ngriku lajeng ngidak wit eri wau.
19 Panjenengan nggalih, panjenengan sampun
ngawonaken Edom, milanipun panggalih
panjenengan lajeng kumaluhur-luhur lan
badhe ngupados pangaji-aji. Sapunika, kula
aturi wonten ing dalem kemawon. Punapa
ta prelunipun panjenengan ngajap dhateng
bilai, satemah panjenengan lajeng dhawah
dalasan Yehuda pisan?” 20 Nanging Sang Prabu
Amazia ora karsa midhangetake, amarga
bab iku wus katetepake dening Gusti Allah,
wong-wong mau bakal kaulungake marang
ing astane Sang Prabu Yoas, awit wus padha
ngupaya marang allahe wong Edom. 21 Mulane
Sang Prabu Yoas, ratu ing Israel, banjur
majeng ngaben kakiyatan, panjenengane lan
Sang Prabu Amazia, ratu ing Yehuda, ana
ing Bet-Semes ing wilayah Yehuda. 22 Yehuda
disorake Israel, temah padha lumayu menyang
ing tarube dhewe-dhewe. 23 Sang Prabu
Amazia, ratu ing Yehuda, putrane Sang Prabu
Yoas bin Yoakhas nuli dicepeng dening Sang
Prabu Yoas, ratu ing Israel, ana ing Bet-Semes,
sarta banjur kabekta dening Sang Prabu Yoas
menyang ing Yerusalem. Sang Prabu Yoas
tumuli dhawuh mbubrah tembok Yerusalem

wiwit Gapura Efraim nganti tekan Gapura
Pojok, dawane patang atus asta. 24 Sawuse
mangkono Sang Prabu banjur mundhuti
sakehe emas lan selaka sarta sakehe prabot
kang tinemu ana ing padalemaning Allah lan
kang kareksa dening brayate Obed-Edom, uga
raja-brana ing kadhatone Sang Nata sarta
para wong kang kanggo cekelan, nuli kondur
menyang ing Samaria.
25 Sang Prabu Amazia, putrane Sang Prabu
Yoas, ratu ing Yehuda, isih sugeng limalas taun
sawuse Sang Prabu Yoas bin Yoakhas, ratu
ing Israel seda. 26 Anadene kekarene riwayate
Sang Prabu Amazia, wiwit wiwitan nganti
wekasan, iku kabeh rak katulisan ana ing
buku bab para ratu ing Yehuda lan ing Israel.
27 Wiwit nalika Sang Prabu Amazia nebihi
Pangeran Yehuwah, wong padha sekuthon
nglawan panjenengane ana ing Yerusalem,
mulane Sang Nata nuli ngungsi menyang
ing Lakhis. Nanging wong-wong mau banjur
padha kongkonan wong ngoyak panjenengane
menyang ing Lakhis, sarta banjur disedani ana
ing kono. 28 Sang Prabu nuli katitihake ing
jaran sarta banjur disarekake sandhing para
leluhure ing kuthane Sang Prabu Dawud.

Sang Prabu Uzia

26:1-23

2Ra 15:1-7

26 1 Wong Yehuda sabangsa kabeh tumuli
padha nambut Pangeran Uzia, kang

lagi yuswa nembelas taun, kajumenengake
ratu nggentosi kang rama, Prabu Amazia.
2 Panjenengane nyantosani kutha Elot
dibalekake marang Yehuda, yaiku sawuse
Sang Nata kepareng aso nunggil karo para
leluhure. 3 Pangeran Uzia nalika jumeneng
ratu yuswa nembelas taun, dene anggone
ngasta paprentahan ana ing Yerusalem lawase
seket loro taun. Kang ibu asma Yekholya, saka
ing Yerusalem. 4 Sang Prabu nglampahi apa
kang bener ana ing paningaling Yehuwah,
trep kaya kang dilampahi Sang Prabu Amazia,
kang ramane. 5 Panjenengane ngupadi marang
Gusti Allah sajege Imam Agung Zakharia,
kang mulang muruk marang panjenengane
supaya ajrih asih marang Gusti Allah. Lan
salawase Sang Prabu ngupaya marang
Pangeran Yehuwah, Gusti Allah ndadosake
sakehe pambudidayane oleh gawe.

6 Sang Prabu nglurug perang nglawan wong
Filisti lan nggempur tembok Gat, Yabne sarta
Asdod, banjur ngedegake kutha-kutha ana ing
sakubenge Asdod tuwin ing wilayahe wong
Filisti liyane. 7 Anggone merangi wong Filisti,
wong Arab kang manggon ing Gur-Baal,
lan wong Meunim, Sang Nata kaparingan
pitulungan dening Gusti Allah. 8 Wong Amon
padha caos bulubekti marang Sang Prabu
Uzia. Asmane misuwur nganti tekan ing
Mesir, marga saka kakiyatane kang linuwih.
9 Sang Prabu Uzia yasa panggung ana
ing Yerusalem ana ing sadhuwure Gapura
Pojok, ing sadhuwure Gapura Lebak lan ing

sadhuwure Padon, sarta iku padha disantosani.
10 Panjenengane uga yasa panggung ana ing
pasamunan lan dhawuh ndhudhuk sumur
akeh, amarga raja-kayane akeh ana ing Tanah
Ngare lan ana ing Tanah Warata Dhuwur. Sang
Prabu uga kagungan abdi-abdi tani lan tukang
jaga kebon anggur ana ing pagunungan lan
ing tanah kang subur, awit panjenengane
remen tetanen. 11 Kajaba iku Sang Prabu
Uzia kagungan wadya-bala kang sembada
ing perang, kang manawa maju perang
kadadekake golongan-golongan manut cacahe
wong kang dipengeti dening abdi dalem
panitra Yeiel lan abdi dalem juru tata-usaha
Maaseya, kang dipanggedheni dening Sang
Hananya, salah sawijine tetindhihe perang
Sang Prabu. 12 Para lelurahing kulawangsa,
para prawira kang gagah prakosa, iku
gunggunge kabeh ana rong ewu nem atus.
13 Iku padha manggedheni wadya-bala, kang
cacahe ana wong telung atus pitu ewu limang
atus, kang padha prawira ing perang sarta
siyaga mbiyantu Sang Prabu nanggulangi
mungsuh. 14 Sang Prabu Uzia maringi marang
wadya-balane mau kabeh tameng, tumbak,
topong, kere, gendhewa lan watu kanggo
mbandhil. 15 Ana ing Yerusalem Sang Prabu
uga yasa pirantining perang, kang kena
kanggo nglepasake panah lan watu gedhe. Iku
gaweane tukang kang ahli. Piranti iku kadekek
ing sadhuwure panggung lan ing pojok-pojok.
Asmane Sang Prabu dadi misuwur nganti
tekan nagara-nagara kang adoh, amarga

panjenengane kaparingan pitulungan kalawan
ngeram-eramake, satemah dadi santosa.
16 Bareng Sang Nata wus santosa, banjur
gumunggung lan nindakake bab kang gawe
rusak. Panjenengane ora setya maneh
marang Pangeran Yehuwah, Gusti Allahe,
sarta kumawani lumebet ing Padaleman
Suci prelu mbesmi dupa ana ing misbyah
padupan. 17 Nanging Imam Agung Azarya
ngetutake ana ing sawingkinge, kadherekake
imaming Yehuwah wolung puluh, para
wong kang tatag. 18 Nuli padha ngadeg ana
ing ngarsane Sang Prabu Uzia lan matur:
"Dhuh, Sang Prabu Uzia, paduka boten
kagungan wewenang mbesmi dupa kagem
Pangeran Yehuwah, namung para imam
tedhakipun Rama Harun ingkang sampun
kasucekaken, ingkang wenang mbesmi dupa!
Paduka kawula aturi miyos saking papan
suci punika. Paduka sampun boten setya
malih. Paduka boten badhe angsal kaluhuran
saking Pangeran Yehuwah Allah margi saking
prakawis punika." 19 Nanging Sang Prabu
Uzia kalawan ngasta bokor padupan arep
kekutug, banjur dadi duka. Bareng dukane
lagi banget-bangete, palarapane nuli kena
lelara saraat ana ing ngarepe para imam
ana ing padalemaning Yehuwah kono, ana
ing sacedhake misbyah padupan. 20 Imam
Agung Azarya lan sakehe imam liyane padha
mandheng marang panjenengane, lah Sang
Prabu gerah saraat ana ing palarapane. Sang
Prabu banjur enggal-enggal diaturi miyos saka

ing kono. Sang Prabu piyambak iya tumuli
enggal-enggal miyos, awit wus kadhawuhan
wewelak dening Pangeran Yehuwah.
21 Sang
Prabu Uzia anggone nandhang gerah saraat
nganti tumeka ing dina sedane, lan sarehne
gerah saraat, banjur manggen ana ing dalem
piyambak, amarga kasetrakake saka ing
padalemaning Yehuwah. Dene Pangeran
Yotam, kang putra, kang mangagengi kraton
lan nindakakake paprentahan tumrap rakyat ing
nagara kono.

22 Anadene kekarene riwayate Sang Prabu
Uzia, wiwit wiwitan nganti wekasan, iku
katulisan dening Nabi Yesaya bin Amos.
23 Sang Prabu Uzia banjur kepareng aso
nunggil karo para leluhure lan disarekake
sandhing para leluhure ana ing pategalan
sacedhake pasareaning para ratu, awit
panjenengane gerah saraat. Mangkono
pangucape wong. Dene Pangeran Yotam,
kang putra banjur jumeneng ratu nggentosi
panjenengane.

Sang Prabu Yotam

27:1-9

2Ra 15:32-38

27 1 Pangeran Yotam nalika jumeneng ratu
yuswane salawe taun, dene anggone
ngasta paprentahan ana ing Yerusalem lawase
nembelas taun. Kang ibu asma Yerusa, putri
putrane Sang Zadhok.
2 Sang Prabu nglampahi
apa kang bener ana ing paningaling Yehuwah,

plek kaya kang dilampahi dening Sang Prabu
Uzia, kang rama, mung bae panjenengane ora
lumebet ing padalemaning Yehuwah. Nanging
rakyat isih terus bae anggone nindakake
bab kang gawe rusak. 3 Sang Nata yasa
Gapura Luhur ana ing padalemaning Sang
Yehuwah lan nganakake pembangunan akeh
ing tembok Ofel. 4 Panjenengane uga yasa
kutha-kutha ana ing pagunungan ing Yehuda
lan beteng-beteng sarta panggung-panggung
ana ing alas-alas. 5 Sang Nata perang nglawan
ratuning bani Amon, kang tumuli dikawonake
satemah ing taun iku uga bani Amon nyaosi
marang panjenengane dhuwit satus talenta
selaka, gandum sepuluh ewu kor lan sair
sapuluh ewu kor. Uga ing taun kang kapindho
lan kang katelu bani Amon saos bulubekti
samono marang panjenengane. 6 Sang Prabu
Yotam dadi santosa, awit sugenge madhep
marang Pangeran Yehuwah, Gusti Allahe.
7 Anadene kekarene riwayate Sang Prabu
Yotam, sakehe perange lan lampah-lampahe,
lah iku kabeh katulisan ing buku bab para
ratu ing Israel lan Yehuda. 8 Nalika jumeneng
ratu panjenengane yuswa salawe taun,
dene anggone ngasta paprentahan ana ing
Yerusalem lawase nembelas taun. 9 Sang
Prabu Yotam tumuli kepareng aso nunggil
karo para leluhure lan banjur kasarekake
ana ing kuthane Sang Prabu Dawud. Dene
Pangeran Akhas, kang putra, nuli jumeneng
ratu nggentosi panjenengane.

Sang Prabu Akhas

28:1-27

2Ra 16:1-20

28 [1] Pangeran Akhas nalika jumeneng ratu
yuswa rong puluh taun, dene anggone
ngasta paprentahan ana ing Yerusalem lawase
nembelas taun. Panjenengane ora nglampahi
apa kang bener ana ing paningaling Yehuwah
kayadene Sang Prabu Dawud, rama leluhure,
[2] nanging sugenge ngenut lampah-lampahe
para ratu ing Israel, malah yasa reca-reca
cithakan kanggo para Baal. [3] Sang Prabu uga
mbesmi kurban ana ing Lebak Ben-Hinom lan
mbesmi para putrane minangka kurban, cocog
karo panggawene nistha para bangsa kang
wus katundhungan dening Pangeran Yehuwah
saka ing ngarepe wong Israel. [4] Panjenengane
mbesmi kurban ana ing tengger-tengger
pangurbanan lan ana ing papan-papan
kang dhuwur sarta ana ing sangisore saben
wit-witan kang nggrembel. [5] Awit saka iku
Pangeran Yehuwah, Gusti Allahe, banjur
ngulungake panjenengane marang ing astane
ratune wong Aram. Panjenengane ditelukake
tuwin akeh para wonge kang ditawan lan
padha digawa menyang ing Damsyik. Sawuse
iku Sang Prabu nuli diulungake marang ing
astane ratu ing Israel sarta dikawonake kang
banget kae. [6] Amarga ing sajroning sadina
Sang Prabu Pekah bin Remalya ana ing Yehuda
damel tiwase wong satus rong puluh ewu,

kabeh para wong kang prawira, amarga
wus padha ngungkurake Pangeran Yehuwah,
Gusti Allahe para leluhure. [7] Sarta Zikhri,
sawijining gegedhug saka Efraim, nyedani
Pangeran Maaseya, putrane Sang Prabu, Sang
Azrikam, panggedhening kraton, lan Sang
Elkana, priyagung kang angka loro sangisore
Sang Nata. [8] Panunggalane sadulure ana kang
ditawan dening wong Israel rong atus ewu,
yaiku wong wadon lan bocah lanang sarta
wadon. Wong-wong iku uga padha njarah
rayah barang-darbeke kang akeh cacahe,
padha digawani menyang ing Samaria.
[9] Nanging ing kono ana sawijining nabine
Pangeran Yehuwah, kang asma Odhed. Nabi
iku tindak methukake wadya-bala kang bali
menyang ing Samaria lan ngandika marang
wong-wong mau mangkene: "Lah awit saka
dukane marang Yehuda, Pangeran Yehuwah,
Gusti Allahe para leluhurmu, ngulungake
wong-wong iku marang ing tanganmu, sarta
kowe padha gawe pepati ana ing satengahe
kanthi riwuding nepsu kang nganti sundhul ing
langit. [10] Dene saiki kowe padha duwe karep
sumedya nelukakake Yehuda lan Yerusalem
arep padha kokdadekake batur tukon lanang
lan wadon. Apa kowe dhewe ora duwe
kaluputan kang gedhe ana ing ngarsane
Pangeran Yehuwah, Gusti Allahmu? [11] Lah
saiki rungokna pituturku iki: Panunggalane
para sadulurmu kang padha koktawan
iku balekna, amarga bebenduning Allah
marang kowe mulad-mulad." [12] Banjur ana

panggedhening bani Efraim sawatara yaiku
Azarya bin Yohanan, Berekhya bin Mesilemot,
Yekhizkia bin Salum lan Amasa bin Hadlai,
kang padha ngadeg ana ing ngarepe wong
kang padha mulih saka ing peperangan,
13 sarta nguwuh-uwuh mangkene: "Para
tawanan iku aja padha kokgawa mrene,
awit kekarepanmu iku ndadekake kita padha
kaluputan marang Pangeran Yehuwah sarta
muwuhi dosa lan kasalahan kita! Kaluputan
kita iku wus gedhe sarta bebendu kang
mulad-mulad wus tumempuh marang Israel."
14 Bareng mangkono para wong kang sikep
gegaman banjur padha ninggal para tawanan
lan barang-barang kang padha dirayah
ana ing ngarepe para panggedhe lan wong
sapasamuwan kabeh. 15 Wong-wong kang
tinanggenah kalawan kasebut jenenge, iku
tumuli padha mangkat methuk para wong
tawanan mau. Sakehe wong kang kawudan
padha diwenehi panganggo dijupukake saka
jarahan. Wong-wong iku padha diwenehi
sandhangan, kasut, mangan lan ngombe.
Padha dijebadi kalawan lenga lan sakehe
wong kang wus sayah banget nganti ora bisa
mlaku padha ditunggangake ing kuldi, digawa
menyang ing Yerikho, menyang ing Kutha Wit
Kurma, cedhak karo para sadulure. Sawuse
mangkono wong Israel mau padha mulih
menyang ing Samaria.

16 Ing nalika iku Sang Prabu Akhas utusan
marang Sang Nata ing nagara Asyur mundhut
bantuan. 17 Marga wong Edom uga wus padha

teka lan ngasorake Yehuda sarta mboyongi
wong tawanan. [18] Para wong Filisti iya wus
padha nempuh marang kutha-kutha ing Tanah
Pagunungan ing Tanah Negeb Yehuda, wus
padha ngrebut kutha Bet-Semes, Ayalon,
Gederot, Sokho dalah sawewengkone, Timna
sawewengkone, lan Gomzo sawewengkone
sarta banjur padha manggon ing kutha-kutha
kono. [19] Kaya mangkono anggone Pangeran
Yehuwah ngesorake Yehuda, amarga Sang
Prabu Akhas, ratu Israel iku, ngendelake bae
marang tindak mblasar kang kelakon ana ing
Yehuda sarta wus ora setya marang Pangeran
Yehuwah. [20] Sang Prabu Tilgat-Pilneser, ratu
ing nagara Asyur, nuli rawuh, mung bae ora
sumedya mbiyantu marang panjenengane,
nanging arep ngrupeki marang panjenengane.
[21] Sanadyan Sang Prabu Akhas ngrayahi
barang-barang ing padalemaning Yehuwah,
ing kraton lan ing daleme para panggedhe
sarta masrahake iku kabeh marang Sang Nata
ing nagara Asyur, ewadene iku ora njalari
kauntungane. [22] Ing sajrone kaanan kapepet
iku Sang Prabu Akhas malah saya banget
anggone ora setya marang Pangeran Yehuwah.
[23] Sang Prabu sesaji kurban marang para
allahe wong Damsyik kang wus ngalahake
panjenengane. Sang prabu nggalih mangkene:
"Kang mitulungi para ratune wong Aram iku
allah-allahe; mulane aku arep sesaji kurban
marang iku, supaya aku uga dipitulungi."
Mangka iya allah-allah iku kang njalari
bilaine dalah wong Israel kabeh. [24] Sang

Prabu Akhas nglempakake piranti-piranti
ing padalemaning Allah, padha dirusaki.
Lawanging padalemaning Pangeran Yehuwah
diinebake sarta banjur yasa misbyah-misbyah
kagem sarirane piyambak ana ing sakehe
pojok-pojoking Yerusalem. 25 Saben kutha ing
Yehuda didegi tengger-tengger pangurbanan
kanggo papaning ngobong kurban marang
allah liyane. Kaya mangkono anggone Sang
Prabu damel gerahe panggalihe Pangeran
Yehuwah, Gusti Allahe para leluhure.
26 Anadene kekarene riwayate lan sakehe
lampah-lampahe, wiwit wiwitan nganti tekan
wekasan, lah iku kabeh katulisan ana ing buku
bab para ratu ing Yehuda lan Israel. 27 Sang
Prabu Akhas nuli kepareng aso nunggil karo
leluhure lan kasarekake ana ing kutha, ana
ing Yerusalem, nanging ora kasarekake ing
pasareane para ratu Israel. Pangeran Hizkia,
kang putra, banjur jumeneng ratu nggentosi
panjenengane.

Sang Prabu Hizkia

29:1-2

2Ra 18:1-3

29 1 Pangeran Hizkia nalika jumeneng
ratu yuswa salawe taun, dene anggone
ngasta paprentahan ana ing Yerusalem lawase
sangalikur taun. Kang ibu asma Abia, putri
putrane Sang Zakharia. 2 Panjenengane
nglampahi apa kang bener ana ing paningaling

Yehuwah, ngetrepi apa kang dilampahi dening Sang Prabu Dawud, kang eyang.

Sang Prabu Hizkia nucekake padalemaning Yehuwah maneh

29:3-36

3 Ing taun kang kapisane paprentahane, ing
sasi kapisan, Sang Prabu dhawuh ngengakake
lawang-lawange padalemane Pangeran
Yehuwah tuwin didandani. 4 Tumuli nimbali
para imam lan para wong Lewi, padha
didhawuhi nglumpuk ana ing plataran wetan.
5 Sang Nata ngandika: "Padha ngrungokna, he
para wong Lewi! Ing saiki sira padha sesucia,
mangkono uga padalemaning Yehuwah, Gusti
Allahe para leluhurira iya sucekna! 6 Awit
leluhur kita wus padha ora setya, padha
nglakoni apa kang ala ana ing paningaling
Yehuwah, Gusti Allah kita, padha nyingkur
marang Panjenengane, padha ngengokake
raine saka ing padalemaning Yehuwah lan
ngungkurake iku. 7 Malah padha nginebake
lawang-lawange srambine padalemaning
Yehuwah sarta mateni sakehing damar. Ora
padha ngobong dupa lan ora ngunjukake
kurban obaran marang Gusti Allahe wong
Israel ana ing pasucen, 8 satemah Yehuda lan
Yerusalem padha katiban ing bebenduning
Yehuwah, padha kadadekake nistha, nggegirisi
sarta dadi pepoyokan, kaya kang padha sira
deleng kalawan mripatira dhewe iki. 9 Iya
marga saka iku leluhur kita nuli padha tiwas

dening pedhang, tuwin anak kita lanang wadon
apadene somah kita padha dadi tawanan.
10 Lah saiki ingsun kagungan karsa arep
nganakake prajanjian karo Pangeran Yehuwah,
Gusti Allahe Israel, supaya bebendune kang
mulad-mulad iku sumingkir saka kita. 11 He,
anak-anakingsun, sira saiki aja padha tlendho,
awitdene sira wus padha kapilih dening
Pangeran Yehuwah kadhawuhan ana ing
ngarsane ngladosi Panjenengane, nindakake
pangibadah lan ngobong kurban kagem
Panjenengane.”
12 Para wong Lewi banjur padha tumandang,
yaiku saka bani Kehat: Mahat bin Amasai lan
Yoel bin Azaria, saka bani Merari: Kisy bin
Abdi lan Azaria bin Yehaleleel, saka wong
Gerson: Yoah bin Zima lan Eden bin Yoah,
13 saka bani Elizafan: Simri lan Yeiel, saka
bani Asaf: Zakharia lan Matanya, 14 saka
bani Heman: Yehiel lan Simei, lan saka bani
Yedutun: Semaya lan Uziel. 15 Iku padha
nglumpukake para sadulure lan padha
sesuci. Sawuse mangkono nuli padha mara
miturut dhawuhe Sang Prabu, cundhuk karo
pangandikaning Sang Yehuwah, tumuli padha
nucekake padalemaning Sang Yehuwah.
16 Sawuse iku para imam banjur padha
lumebu ing padalemaning Sang Yehuwah
prelu nucekake iku. Kabeh kang najis, kang
tinemu ana ing padalemaning Sang Yehuwah,
digawa menyang ing plataraning padalemane
Pangeran Yehuwah; iku padha ditampani
dening para wong Lewi lan digawa metu,

menyang ing Lebak Kidron. [17] Anggone wiwit
nucekake iku ing tanggal sapisan, sasi kapisan.
Ing dina kang kaping wolu, sasi iku, wus padha
tutug ing srambining padalemane Pangeran
Yehuwah lan anggone nucekake padalemaning
Yehuwah iku suwene wolung dina. Rampunge
ing dina kang kaping nembelas sasi kapisan.
[18] Sawuse iku banjur padha lumebu sowan
marang ing ngarsane Sang Prabu Hizkia lan
munjuk: "Kawula sampun sami nucekaken
padalemaning Pangeran Yehuwah sedaya,
ugi misbyah kurban obaran sapirantosipun
sadaya. [19] Wondene sakathahing pirantos,
ingkang kabucal dening Sang Prabu Akhas,
nalika panjenenganipun murtad ing wekdal
ngasta paprentahanipun, sampun sami
kawula cawisaken saha sampun sami kawula
sucekaken. Sapunika sadaya wau wonten
ing sangajenging misbyahipun Pangeran
Yehuwah."
[20] Esuk uthuk-uthuk Sang Prabu Hizkia
ngempalake para panggedhening kutha sarta
banjur tedhak menyang ing padalemaning
Pangeran Yehuwah. [21] Kabeh padha nggawa
sapi lanang pitu, wedhus gembel lanang pitu,
wedhus gembel enom pitu sarta wedhus berok
lanang pitu minangka kurban pangruwating
dosa kagem brayate Sang Prabu, kanggo
pasucen lan kanggo Yehuda. Sang Prabu nuli
dhawuh marang para tedhake Rama Harun,
yaiku para imam, supaya nyaosake kurban
mau ana ing misbyahe Pangeran Yehuwah.
[22] Banjur padha nyembeleh sapi-sapi mau,

para imam nampani getihe, disiramake ing
misbyah. Sawuse mangkono tumuli nyembeleh
wedhus-wedhuse gembel lanang, lan getihe
kasiramake ing misbyah. Nuli nyembeleh
wedhus-wedhuse gembel enom sarta getihe
iya kasiramake ing misbyah. [23] Sabanjure
wedhus-wedhus berok lanang, kang bakal
kanggo kurban pangruwating dosa mau padha
disowanake marang ing ngarsane Sang Prabu
lan ing ngarepe pasamuwan. Nuli padha
numpangake tangane ing wedhus-wedhus
iku. [24] Para imam kang banjur nyembeleh lan
nyaosake getihe ana ing misbyah, minangka
kurban pangruwating dosa, supaya ngolehna
panebus kanggo wong Israel kabeh. Awit
Sang Nata wus paring dhawuh supaya saos
kurban obaran lan kurban pangruwating
dosa kanggo wong Israel kabeh. [25] Sang
Prabu mapanake para wong Lewi ana ing
padalemaning Pangeran Yehuwah kalawan
nggawa kecer, slukat lan clempung, ngetrepi
dhawuhe Sang Prabu Dawud lan Nabi Gad,
wong sidik abdining Sang Nata, tuwin Nabi
Natan, amarga iku dhawuhe Pangeran
Yehuwah lumantar para nabine. [26] Para wong
Lewi tumuli padha ngadeg kalawan nyekel
piranti-piranti musik, yasane Sang Prabu
Dawud, mangkono uga para imam, kang padha
nyekel kalasangka. [27] Sang Prabu Hizkia banjur
dhawuh saos kurban obaran ana ing misbyah.
Nalika kurban obaran wiwit kasaosake,
kekidungan kagem Pangeran Yehuwah iya nuli
karepekake, binarung swaraning kalasangka,

lan piranti-piranti musik yasane Sang Prabu
Dawud, ratu ing Israel. 28 Nalika kekidungan
karepekake lan kalasangka kaunekake,
wong sapasamuwan kabeh padha sujud
lan nyembah. Iku kabeh tumindak nganti
saenteke kurban obaran. 29 Sarampunge saos
kurban obaran, Sang Prabu lan sakehe wong
kang padha ana ing kono ndherek Sang Prabu,
padha jengkeng sujud. 30 Sang Prabu Hizkia
lan para panggedhe padha dhawuh marang
para wong Lewi supaya padha ngrepekake
kidung pepujian kagem Pangeran Yehuwah
nganggo tembung-tembung anggitane Sang
Prabu Dawud lan Asaf, wong sidik. Wong mau
nuli ngrepekake kidung pepujian kalawan
bungah lan banjur jengkeng sujud.
31 Sawuse mangkono Sang Prabu Hizkia
ngandika: "Saiki sira wus padha nyaosake
awakira marang Pangeran Yehuwah.
Padha majua lan nggawaa kurban-kurban
sembelehan lan kurban-kurban pamuji
sokur marang ing padalemaning Pangeran
Yehuwah!" Wong sapasamuwan tumuli padha
nggawa kurban-kurban sembelehan lan
kurban-kurban pepujian; saben wong kang
atine lega-lila uga nggawa kurban-kurban
obaran. 32 Gunggunge kurban obaran kang
digawa dening wong sapasamuwan yaiku: sapi
pitung puluh, wedhus gembel lanang satus,
lan wedhus enom rong atus. Iku kabeh kanggo
kurban obaran kagem Pangeran Yehuwah.
33 Anadene pisungsung-pisungsung suci
awujud: sapi nem atus lan wedhus telung ewu.

[34] Nanging cacahe imam kesithiken, mulane
ora keconggah ngeleti sakehe kurban obaran.
Awit saka iku para sadulure, para wong Lewi,
mbiyantu nganti sarampunge pagawean
lan nganti para imam wus padha nucekake
awake. Amarga para wong Lewi iku anggone
nucekake awake luwih tumemen tinimbang
para imam. [35] Lan maneh kurbane obaran iku
akeh, mangkono uga gajihe kurban slametan
sarta kurban unjukan kanthine kurban
obaran mau. Kaya mangkono pangibadah ing
padalemaning Sang Yehuwah anggone katata
maneh. [36] Sang Prabu Hizkia lan rakyat kabeh
padha asuka-rena marga saka apa kang wus
katetepake dening Gusti Allah kanggo bangsa
iku, awit bab iku kalakone ora kanyana-nyana.

Sang Prabu Hizkia ngriyayakake Paskah

30:1--31:1

30 [1] Sawuse mangkono Sang Prabu Hizkia
banjur utusan marang wong Israel
lan wong Yehuda kabeh, malah iya damel
serat marang Efraim lan Manasye, supaya
padha teka ngriyayakake Paskah kagem
Pangeran Yehuwah, Gusti Allahe wong Israel,
ana ing padalemaning Sang Yehuwah ing
Yerusalem. [2] Sang Nata lan para panggedhe
sarta wong sapasamuwan ing Yerusalem
kabeh padha ngrancang bakal ngriyayakake
Paskah ing sasi kapindho, [3] amarga ora padha
bisa ngriyayakake ing wektu apa mesthine,
jalaran para imam kang nucekake awake

cacahe durung nyukupi sarta rakyat durung
nglumpuk ana ing Yerusalem. 4 Sang Prabu
karsa nampeni rancangan iku, samono uga
wong sapasamuwan kabeh. 5 Nuli padha
mutus nggiyarake pangumuman ing satanah
Israel kabeh, wiwit Bersyeba nganti tekan
ing Dhan supaya padha tekaa ing Yerusalem
prelu ngriyayakake Paskah kagem Pangeran
Yehuwah, Gusti Allahe Israel, amarga durung
padha ngriyayakake kanthi patrap kang
umum kaya kang wus katulis. 6 Para utusan
tumuli padha mangkat rerikatan menyang ing
saindenging tanah Israel lan Yehuda kalawan
nggawa layang saka Sang Prabu lan para
panggedhe sarta padha mratelakake miturut
dhawuhe Sang Prabu mangkene: "He, wong
Israel, padha balia marang Pangeran Yehuwah,
Gusti Allahe Eyang Abraham, Iskak lan Israel,
Panjenengane mesthi iya banjur bakal wangsul
marang panunggalanmu kang isih kari, yaiku
kang padha bisa oncat saka ing astane para
ratu ing Asyur. 7 Aja padha tumindak kaya para
leluhurmu lan para sadulurmu kang padha
ora setya maneh marang Pangeran Yehuwah,
Gusti Allahe para leluhure, satemah banjur
ngalami rusak nggegirisi kaya kang wus padha
kokdeleng dhewe iku. 8 Lah saiki aja padha
ngakokake githokmu, kaya para leluhurmu.
Masrahna awakmu marang Pangeran Yehuwah
lan padha menyanga ing pasucen kang wus
kasucekake kanggo ing salawas-lawase sarta
padha ngabektia marang Pangeran Yehuwah,
Gusti Allahmu, supaya bebendune kang

mulad-mulad sumingkira saka ing kowe
kabeh. 9 Amarga manawa kowe padha bali
marang Pangeran Yehuwah, para sadulurmu
lan anak-anakmu bakal oleh sih-piwelas saka
wong-wong kang padha nawan, satemah
padha bali menyang ing nagara kene. Amarga
Pangeran Yehuwah, Gusti Allahmu, iku asipat
asih lan welasan: Panjenengane ora bakal
ngengokake wedanane saka kowe, manawa
kowe padha bali marang Panjenengane."
10 Nalika para utusan-kilat iku padha
mider-mider ing kutha-kutha, ngliwati tanah
Efraim lan Manasye nganti tekan ing Zebulon,
padha digeguyu lan dipoyoki. 11 Nanging
panunggalane wong Asyer, Manasye lan
Zebulon ana sawatara kang ngesorake awake
lan padha teka ing Yerusalem. 12 Ana ing
Yehuda pranyata manawa astane Gusti
Allah nggemblengake atine wong-wong
anggone padha nglakoni dhawuhe Sang
Prabu sarta para panggedhe, cundhuk karo
pangandikaning Yehuwah. 13 Wong akeh
kang nglumpuk ana ing Yerusalem, nganti
dadi pasamuwan kang gedhe banget, padha
ngriyayakake dina gedhe mangan roti tanpa
ragi ing sasi kang kapindho. 14 Nuli padha
tumandang nyingkirake misbyah-misbyah
kang ana ing Yerusalem; uga sakehe misbyah
kurban padupan disingkirake lan kabuwang
menyang ing Lebak Kidron. 15 Sawuse iku
banjur padha nyembeleh wedhus gembel
Paskah ing tanggal patbelas sasi kapindho.
Para imam lan para wong Lewi padha

rumangsa isin, tumuli padha nucekake awake
sarta nggawa kurban obaran menyang ing
padalemaning Yehuwah. [16] Padha ngadeg
ing papane manut pranatan kang tumindak
kanggo wong-wong iku dhewe-dhewe, nocogi
Torete Nabi Musa, abdining Allah; para
imam padha nyiramake getih kang digawa
dening para wong Lewi. [17] Ing sarehne
ing satengahe pasamuwan akeh kang ora
nucekake awake, satemah dadi kawajibane
wong Lewi nyembeleh wedhus-wedhus gembel
Paskah kanggo saben wong kang ora nucekake
awake kagem Pangeran Yehuwah, marga
padha najis. [18] Amarga rakyat -- kang akeh
saka Efraim, Manasye, Isakhar lan Zebulon
-- akeh banget kang ora nucekake awake.
Ewadene padha mangan Paskah, sanadyan
ora cocog karo apa kang katulis. Nanging
Sang Prabu Hizkia ndongakake wong-wong
mau, unjuke: “Pangeran Yehuwah, ingkang
asih-darma, mugi karsaa paring pangapunten
dhateng [19] sakathahing tiyang ingkang kalayan
saestu anggenipun gadhah kekajengan madosi
Gusti Allah, inggih punika Pangeran Yehuwah,
Gusti Allahing para leluhuripun, sanadyan
kasucenipun boten timbang kaliyan papan
pasucen.” [20] Pangeran Yehuwah midhangetake
marang Sang Prabu Hizkia lan bangsa iku
kepareng lestari slamet. [21] Pitung dina
lawase wong Israel kang ana ing Yerusalem
anggone padha ngriyayakake dina gedhe
mangan roti tanpa ragi kalawan kabungahan
kang gedhe, dene para wong Lewi lan para

imam saben dina padha ngrepekake kidung
pepujian kagem Pangeran Yehuwah kalawan
ngetog kakuwatan. 22 Sang Prabu Hizkia
paring pangalembana marang sakehe wong
Lewi kang anggone leladi marang Pangeran
Yehuwah kanthi wasis. Kaya mangkono
anggone wong-wong padha mangan pangan
riyaya ing sajrone pitung dina, kambi saos
kurban slametan sarta ngunjukake panuwun
marang Pangeran Yehuwah, Gusti Allahe para
leluhure.
23 Sawuse iku wong sapasamuwan kabeh
padha saiyeg nerusake riyayane pitung dina
engkas. Banjur padha pista pitung dina engkas
kalawan seneng. 24 Amarga Sang Prabu Hizkia,
ratu ing Yehuda, paring pasumbang marang
pasamuwan awujud sapi lanang sewu lan
wedhus pitung ewu. Para panggedhe uga
padha nyumbang marang pasamuwan sapi
lanang sewu lan wedhus sapuluh ewu. Sarta
para imam wis akeh banget kang padha
nucekake awake. 25 Wong sapasamuwan
ing Yehuda padha sumyak-sumyak, uga
para imam lan para wong Lewi, lan wong
sapasamuwan kabeh kang padha teka saka
ing tanah Israel, sarta para wong ngamanca,
kang teka saka ing tanah Israel lan kang
manggon ing Yehuda. 26 Kabungahan kang
tinemu ana ing Yerusalem gedhe banget, awit
wiwit jamane Sang Prabu Suleman, putrane
Sang Prabu Dawud, ing Yerusalem ora tau ana
lelakon kang kaya mangkono iku. 27 Sawuse
mangkono para imam Lewi padha ngadeg

lan mberkahi rakyat. Swarane kapiyarsakake dening Pangeran Yehuwah lan pandongane sumengka marang ing padalemane kang suci ing swarga.

31 [1] Bareng samubarang kabeh wus rampung, wong Israel kang ana ing kono kabeh padha mider-mider ing kutha-kutha ing tanah Yehuda, banjur padha ngrusak sakehe tugu brahala, nyirnakake sakehe saka brahala lan ngrubuhake sakehe tengger pangurbanan lan misbyah ing satanah Yehuda lan Benyamin kabeh, uga kang ana ing Efraim lan Manasye, nganti sirna kabeh. Sawuse mangkono wong Israel kabeh banjur padha mulih menyang ing kutha-kuthane, menyang ing ebeke dhewe-dhewe.

Sang Prabu Hizkia mranata sumbangan kanggo para imam lan wong Lewi

31:2-21

[2] Sang Prabu Hizkia tumuli merang-merang para imam lan para wong Lewi, didadekake golongan-golongan manut kawajibane dhewe-dhewe tumrap imam lan tumrap wong Lewi, ing bab saos kurban obaran lan kurban slametan, bab ngucap sokur lan ing bab ngidungake pepujian sarta ing bab leladi ana ing gapura-gapura ing papan
patarubaning Yehuwah. [3] Sang Nata paring
pasumbang saka barang kagungane kanggo kurban obaran, yaiku: kurban obaran ing wektu esuk lan ing wanci sore, kurban

obaran ing dina-dina Sabat lan ing sasi-sasi
anyar lan ing dina-dina gedhe; iku kabeh
katulisan ana ing Torete Pangeran Yehuwah.
4 Sabanjure panjenengane paring dhawuh
marang rakyat, yaiku wong kang padha
manggon ing Yerusalem, supaya ngaturake
pasumbang kang dadi pandumane para imam
lan para wong Lewi, amrih bisa ngesokake
kakuwatane kanggo nindakake Toreting Sang
Yehuwah. 5 Bareng undhang-undhang mau wus
sumebar, wong Israel banjur enggal-enggal
masrahake pametune kang kawitan tumrap
gandum, anggur, lenga, madu lan sawernane
wuluwetuning bumi nganti akeh. Kajaba iku
uga masrahake pisungsung pra-sapuluhane
samubarang kabeh nganti akeh. 6 Wong Israel
lan wong Yehuda kang padha manggon ing
kutha-kutha ing tanah Yehuda uga masrahake
pisungsung pra-sapuluhan, awujud sapi lan
wedhus, lan pisungsung pra-sapuluhan kang
arupa pisungsung suci kang wus kasucekake
kagem Sang Yehuwah, Gusti Allahe. Kabeh iku
diselehake nganti tumpuk-tumpuk. 7 Anggone
miwiti nata tumpukan iku ing sasi katelu, dene
rampunge ing sasi kapitu. 8 Sang Prabu Hizkia
lan para panggedhe nuli padha rawuh mirsani
tumpukan iku tuwin padha ngalembana
marang Pangeran Yehuwah lan umate, yaiku
wong Israel. 9 Sang Prabu Hizkia ndangu
marang para imam lan para wong Lewi bab
tumpukan iku, 10 dene Imam Agung Azarya,
tedhake Sang Zadhok, ngunjukake wangsulan
mangkene: “Wiwit nalika pisungsung mligi

punika kasaosaken dhateng ing padalemaning
Pangeran Yehuwah, kawula sampun sami
nedha ngantos tuwuk sanget, ewasamanten
taksih tirah kathah sanget, amargi Sang
Yehuwah sampun maringi berkah dhateng
umatipun, satemah lajeng wonten tirahan
ingkang samanten kathahipun punika.”
11 Sang Prabu Hizkia banjur dhawuh
nyawisake kamar-kamar ana ing padalemaning
Sang Yehuwah, lan iku iya nuli kacawisake.
12 Anadene wong-wong padha setya anggone
masrahake mrono sakehe pisungsung-mligi,
pisungsung pra-sapuluhan lan pisungsung-
pisungsung suci. Khonanya, sawijining wong
Lewi, kang rumeksa marang iku kabeh, lan
Simei, sadulure, iku sorsorane, 13 dene Yehiel,
Azarya, Nahat, Asahel, Yerimot, Yozabad,
Eliel, Yismakhya, Makhat lan Benaya, iku
padha dadi penilik, andhahane Khonanya
lan Simei, sadulure mau, cundhuk karo
pitedahe Sang Prabu Hizkia lan Imam Agung
Azarya, kepalaning padalemane Pangeran
Yehuwah. 14 Sabanjure Kore bin Yimna,
sawijining wong Lewi, dadi jaga gapura wetan,
niti-priksa pisungsung-pisungsung manasuka
kagem Gusti Allah, sarta ngedum-edum
pisungsung-mligi kang kagem Pangeran
Yehuwah lan pisungsung-pisungsung suci
pinunjul. 15 Ana ing kutha-kuthane para imam
dheweke dibiyantu kalawan setya dening
Eden, Minyamin, Yesua, Semaya, Amarya
lan Sekhanya ing bab ngedum-edum mau
marang para sadulur miturut gelengane,

marang para wong diwasa lan bocah-bocah,
16 kajaba marang saben wong kang lumebu
ing padalemaning Sang Yehuwah, manut
dina-dina kang katetepake, manut kawajiban
kang kapasrahake, lan manut golongane,
yaiku para wong lanang kang kacathetan ana
ing dhaftar, kang umure telung taun munggah.
17 Para imam padha dicatheti ana ing dhaftar
manut kulawangsane, dene para wong Lewi
kang umure rong puluh taun munggah
dicatheti manut kawajiban lan golongane.
18 Para imam kacathetan dalah sabrayate
kabeh, yaiku: bojo, anak lanang lan wadon,
dadi sagelengane kabeh, amarga kalawan
tumemen anggone padha nucekake awake
minangka pisungsung kang suci. 19 Tumrap
tedhake Rama Harun, yaiku para imam, kang
padha manggon ing pangonan-pangonan ing
sakubenge kutha-kuthane, ing saben kutha
ana wong-wong kang kalawan dipratelakake
jenenge, tinuding ngedum-edum marang
saben wong lanang gegelitaning brayat imam
lan marang saben wong Lewi kang klebu ing
dhaftar.

20 Kaya mangkono kang katindakake dening
Sang Prabu Hizkia ana ing satanah Yehuda
kabeh. Panjenengane nglampahi apa kang
becik, kang jujur lan apa kang bener ana
ing ngarsaning Sang Yehuwah, Gusti Allahe.
21 Saben arep miwiti pakaryan kang lumadi
marang padelemaning Allah, lan kang tumuju
marang tumindaking Toret lan pepakening
Allah, panjenengane ngupadi marang Gusti

Allahe. Samubarang kabeh dilampahi kalawan gumolonging panggalih, mulane sakehe pambudi-dayane angsal damel.

Yerusalem dikepang dening Sang Prabu Sanherib

32:1-19

2Ra 18:13-37 Ye 36:1-22

32 [1] Sawuse lelakon kang mratelakake
kasetyane Sang Prabu Hizkia iku, Sang
Prabu Sanherib, ratu ing nagara Asyur, rawuh
lan nempuh Yehuda. Kutha-kutha beteng
padha kakepang, lan bakal karebat. [2] Bareng
Sang Prabu Hizkia nguningani manawa
Sang Prabu Sanherib rawuh arep merangi
Yerusalem, [3] Sang Prabu nuli pirembagan karo
para panggedhe lan para prawirane sarta arep
nutup sakehe sumber kang ana ing sajabane
kutha, kabeh padha nyandikani arep mbiyantu.
[4] Tumuli ana wong akeh, kang padha nglumpuk
lan nutupi sakehing sumber lan kali kang mili
saka ing satengahe nagara. Ujare mangkene:
“Apa prelune para ratu ing Asyur satekane
banjur padha oleh banyu akeh?” [5] Kanthi
ngetog kakiyatan Sang Prabu Hizkia mbangun
maneh sakehing tembok kang wus bengkah,
lan yasa panggung-panggung ana ing
sadhuwure. Uga tembok liyane ing sajabane
tembok mau. Sang Prabu nuli uga nyantosani
Milo ing kuthane Sang Prabu Dawud sarta
banjur yasa tumbak lan tameng akeh banget.
[6] Tumuli ngangkat tetindhih-tetindhihing

perang kang manggedheni rakyat, padha
kadhawuhan nglumpuk ana ing ngarsane ana
ing alun-aluning gapurane kutha sarta padha
dilejarake atine kalawan pangandikane kang
mangkene: 7 “Padha disantosa lan tatag ing
ati! Aja padha wedi lan giris marang ratu
ing Asyur sawadya-balane kang ngiringake,
awit kang ngrewangi kita iku kehe ngungkuli
kang ngrewangi dheweke. 8 Kang ngrewangi
dheweke iku tangan manungsa, nanging
kang ngrencangi kita iku Pangeran Yehuwah,
Gusti Allah kita, kang mbiyantu kita lan
kang nyarirani perang kita.” Marga saka
pangandikane Sang Prabu Hizkia, ratu ing
Yehuda kang mangkono iku rakyat nuli tetep
maneh atine.
9 Sawuse iku kang Sang Prabu Sanherib,
ratu ing Asyur, kang lagi ngepang Lakhis
kalawan wadya-balane kabeh, banjur ngutus
punggawa menyang ing Yerusalem, marang
Sang Prabu Hizkia, ratu ing Yehuda lan marang
sakehe wong Yehuda kang ana ing Yerusalem:
10 “Makaten pangandikanipun Sang Prabu
Sanherib, ratu ing Asyur: Apa kang padha
sira arep-arep, dene sira padha tetep ana
ing Yerusalem kang kakepung iki? 11 Hizkia
iku rak ngapusi sira kabeh, supaya padha
mati keluwen lan kasatan, dene kandhane:
Pangeran Yehuwah, Gusti Allah kita, bakal
ngluwari kita saka ing tangane ratu ing Asyur?
12 Rak Hizkia iku ta kang nyingkirake sakehe
tengger pangurbanan lan misbyahe Pangeran
Yehuwah iku lan kang tutur marang Yehuda

lan Yerusalem: Sira mung kudu sujud lan
nyembah ana ing ngarepe misbyah siji lan
ngobong kurban ana ing kono? 13 Apa sira
ora padha sumurup, apa kang suntandukake
marang sakehing bangsa ing nagara-nagara
liya? Apa para allahe bangsa-bangsa ing
nagara iku wus tau bisa nguwalake nagarane
saka ing astaningsun? 14 Panunggalane sakehe
allahe bangsa-bangsa kang wus katumpes
dening para leluhuringsun iku, sapa kang bisa
ngluwari bangsane saka ing astaningsun? Apa
iya Allahira bisa ngluwari sira kabeh saka
ing astaningsun? 15 Mulane saiki, aja nganti
Hizkia ngapusi lan mbujuk sira kalawan patrap
mangkene iki! Sira aja padha ngandel marang
dheweke, amarga ora ana allahe bangsa utawa
karajan ngendi bae kang bisa nguwalake
bangsane saka ing astaningsun lan saka ing
astane para leluhuringsun, apa maneh Allahira
iku, mangsa bisaa ngluwari sira kabeh saka
ing astaningsun!” 16 Lan isih akeh maneh
kang diucapake para punggawane Sang
Prabu Sanherib mau, kang nglawan Pangeran
Yehuwah Allah lan Sang Prabu Hizkia, abdine.
17 Sang Prabu Sanherib uga damel serat
kang kebak panacad lan pangala-ala marang
Pangeran Yehuwah, Gusti Allahe Israel, kang
surasane mangkene: “Kayadene para allahe
bangsa-bangsa sakehe nagara liya ora bisa
ngluwari bangsane saka ing astaningsun,
mangkono uga Allahe Hizkia iya ora bakal bisa
nguwalake bangsane saka ing astaningsun.”
18 Sarta maneh para punggawa mau padha

nguwuh-uwuh kalawan swara seru ing basa
Yehuda marang rakyat Yerusalem kang ana
ing sadhuwure tembok, kanggo memedeni
lan gawe girise, supaya bisa ngrebut kutha
iku. [19] Anggone padha ngandhakake bab Gusti
Allahe Yerusalem iku padha kaya tumrap para
allahe bangsa-bangsa liya, gaweaning tangane
manungsa.

Yerusalem luwar saka ing astane Sang Prabu Sanherib

32:20-23

2Ra 19:1-37 Ye 37:1-38

[20] Marga saka iku Sang Prabu Hizkia lan
Nabi Yesaya bin Amos banjur ndedonga lan
sesambat marang ing swarga. [21] Pangeran
Yehuwah nuli ngutus malaekat kang
nyirnakake sakehing prawira kang gagah
prakosa, para pangarep lan panggedhening
wadya-bala kang ana ing pakuwone Sang Nata
ing Asyur, satemah banjur padha bali menyang
nagarane kalawan nandhang kawirangan.
Sang Prabu kasedanan kalawan pedhang
dening para putrane piyambak nalika lumebu
ing kabuyutane allahe. [22] Kaya mangkono
anggone Pangeran Yehuwah ngluwari Sang
Prabu Hizkia lan para wong kang manggon
ing Yerusalem saka ing astane Sang Prabu
Sanherib, ratu ing Asyur, lan saka ing tangane
sakehe mungsuhe. Sarta Panjenengane
ngganjar katentreman marang wong kabeh
ana ing ngendi-endi. [23] Akeh wong kang padha

nggawa pisungsung menyang ing Yerusalem kagem Pangeran Yehuwah lan barang-barang kang pengaji kagem Sang Prabu Hizkia, ratu ing Yehuda mau. Wiwit nalika samana panjenengane kaluhurake dening sakehe bangsa.

Sang Prabu Hizkia gerah lan kawaluyakake.

Para utusan saka ing nagara Babil

32:24-33

2Ra 20:1-21 Ye 38:1--39:8

24 Kacarita ing dina-dina iku Sang Prabu
Hizkia banjur gerah, nganti meh seda. Sang
Prabu nuli ndedonga marang Pangeran
Yehuwah, sarta Pangeran Yehuwah banjur
ngandika marang panjenengane lan maringi
sawijining pratandha kang elok. 25 Nanging
Sang Prabu Hizkia ora ngatingalake panuwune
tumrap kasaenan kang kaparingake marang
panjenengane, marga Sang Nata dadi
angkuh, satemah panjenengane lan Yehuda
sarta Yerusalem banjur katempuh ing
bebendu. 26 Nanging Sang Prabu tumuli
ngrumaosi ing angkuhe mau tuwin banjur
ngesorake sarirane, iya panjenengane iya
para wong kang manggon ing Yerusalem,
satemah bebenduning Pangeran Yehuwah ora
tumempuh ing jamane Sang Prabu Hizkia.
27 Sang Prabu Hizkia kaparingan kasugihan
lan kamulyan kang gedhe banget. Sang Prabu

nuli yasa gedhong-gedhong kanggo nyimpen
barang-barang emas, selaka lan sesotya kang
larang-larang, anggi-anggi, tameng-tameng
lan sawernane barang kang endah-endah,
28 uga gedhong-gedhong kanggo nyimpen
pametuning gandum, anggur lan lenga, sarta
kandhang-kandhang kanggo kewan kang
gedhe-gedhe lan kandhang-kandhang kanggo
pepanthan-pepanthan wedhus. 29 Sang Prabu
yasa kutha-kutha sarta banjur kagungan
wedhus lan sapi akeh, marga Gusti Allah
paring raja-brana akeh banget marang
panjenengane. 30 Sang Prabu Hizkia uga wus
dhawuh mbendhung ilen-ilen Gihon ing sisih
dhuwur, lan kailekake mangulon, menyang
ing kuthane Sang Prabu Dawud. Sakehe
pambudidayane Sang Prabu Hizkia oleh gawe.
31 Mangkono uga para utusane ratu-ratu
ing Babil padha sowan ing ngarsane prelu
munjuk pitakon bab pratandha kang elok kang
wus kelakon ana ing nagara; ing nalika iku
Gusti Allah nilar panjenengane kanggo nyobi,
supaya tetelaa apa kang ana ing sajroning
panggalihe.

32 Anadene kekarene riwayate Sang Prabu
Hizkia lan pandamel-pandamele kang nelakake
kasetyane, lah iku kabeh katulisan ana ing
Wahyune Nabi Yesaya bin Amos, ing layang
bab para ratu ing Yehuda lan ing Israel.
33 Sang Prabu Hizkia nuli kepareng aso
nunggil karo para leluhure, lan kasarekake ing
unggah-unggahan kang anjog ing pasareane
para putrane Sang Prabu Dawud. Nalika

sedane wong satanah Yehuda kabeh lan para kang manggon ing Yerusalem padha nyaosi pakurmatan marang panjenengane. Pangeran Manasye, kang putra, banjur jumeneng ratu nggentosi panjenengane.

Sang Prabu Manasye

33:1-20

2Ra 21:1-18

33 [1] Pangeran Manasye nalika jumeneng
ratu yuswane rolas taun, dene anggone
ngasta paprentahan ana ing Yerusalem
lawase seket lima taun. [2] Sang Prabu
nglampahi apa kang ala ana ing paningaling
Yehuwah cocog karo panggawene nistha
para bangsa kang wus ditundhungi dening
Pangeran Yehuwah saka ing ngarepe wong
Israel. [3] Panjenengane ngedegake maneh
tengger-tengger pangurbanan kang wus
padha dibubrahi dening Sang Prabu Hizkia,
kang rama; Sang Nata yasa misbyah-misbyah
kanggo para Baal, damel reca-reca Asyera
sarta sujud lan nyembah marang wadya-bala
ing langit kabeh tuwin ngabekti marang iku.
[4] Panjenengane iya ngedegake misbyah-
misbyah ana ing padalemaning Yehuwah,
sanadyan tumrap padaleman iku Pangeran
Yehuwah wus ngandika: "AsmaningSun bakal
dumunung ana ing Yerusalem ing salawas-
lawase!" [5] Sarta uga damel misbyah-misbyah
kanggo wadya-bala ing langit kabeh ana ing
plataraning padalemane Sang Yehuwah karo

pisan. 6 Malah para putrane padha kapasrahake
minangka kurban ing geni ana ing Lebak
Ben-Hinom; panjenengane oleh ngelmu weca,
ngelmu pethek lan ngelmu sikir, sesrawungan
karo para prewangan tuwin para tukang
ngundang roh kang memeca. Sang Nata
nglampahi apa kang ala ana ing paningaling
Sang Yehuwah akeh banget, temah damel
gerahing panggalihe. 7 Panjenengane uga
mrenahake reca brahala damelane ana ing
padalemaning Allah, sanadyan Gusti Allah
wus ngandika marang Sang Prabu Dawud lan
marang Sang Prabu Suleman, kang putra:
"Ana ing padaleman iki lan ana ing Yerusalem,
kang wus Sunpilih saka ing astane suku Israel,
Ingsun bakal mrenahake asmaningSun ing
salawas-lawase! 8 Ingsun ora bakal ndadekake
sikile wong Israel nganti sumingkir maneh
saka ing tanah kang wus Sungadhangake
marang para leluhurira, anggone padha lestari
nindakake sakehe pepakeningSun lumantar
Musa, yaiku sakehe angger-angger, katetepan
lan pranatan." 9 Nanging Sang Prabu Manasye
nasarake Yehuda lan para kang manggon
ing Yerusalem, temah padha nindakake apa
kang ala ngluwihi para bangsa kang wus
kasirnakake dening Pangeran Yehuwah saka
ing ngarepe wong Israel.

10 Pangeran Yehuwah banjur ngandika
marang Sang Prabu Manasye lan rakyate,
nanging padha ora maelu marang pangandika
iku. 11 Awit saka iku Sang Yehuwah nuli
ndhatengake para panggedhening wadya-

balane Sang Nata ing Asyur, kang nyepeng
Sang Prabu Manasye nganggo ganthol, nuli
kabanda nganggo rante tembaga sarta banjur
kagawa menyang ing Babil. 12 Ing sajroning
kaanan kapepet iku, Sang Prabu ngudi
nglilihake panggalihe Pangeran Yehuwah,
Gusti Allahe; panjenengane ngesorake
sarirane banget ana ing ngarsane Gusti Allahe
para leluhure, 13 sarta ndedonga marang
Panjenengane. Pangeran Yehuwah banjur
ngabulake pandongane lan minangkani
panyuwune. Gusti Allah mangsulake
panjenengane menyang Yerusalem tuwin
kajumenengake ratu maneh. Sang Prabu
Manasye nuli ngakeni, manawa Pangeran
Yehuwah iku Gusti Allah.
14 Sang Prabu banjur ngedegake tembok
njaba ana ing kuthane Sang Prabu Dawud,
ana ing sakulone Gihon, ana ing lebak,
nganti tekan ing sacedhake Gapura Iwak,
ngubengi ing Ofel. Tembok iku kagawe dhuwur
banget. Sang Nata uga mapanake panggedhe-
panggedhening perang ana ing saben
kutha-beteng ing tanah Yehuda. 15 Allah-allah
ngamanca lan brahala padha kasingkirake
saka ing padalemaning Sang Yehuwah, uga
sakehe misbyah kang kaedegake ana ing
gunung padalemane Pangeran Yehuwah
lan kang ana ing Yerusalem, iku padha
dibuwangi menyang ing sajabaning kutha.
16 Misbyahe Sang Yehuwah diedegake maneh
lan banjur kagem saos kurban slametan
tuwin kurban pamuji sokur sarta maneh Sang

Nata tumuli ngundhangake marang Yehuda,
supaya ngabekti marang Pangeran Yehuwah,
Gusti Allahe Israel. 17 Ewadene sanadyan
mangkono, rakyat isih saos kurban ana ing
tengger-tengger pangurbanan, nanging mung
marang Pangeran Yehuwah, Gusti Allahe.
18 Anadene kekarene riwayate Sang Prabu
Manasye, pandongane marang Gusti Allahe
sarta tembung-tembunge para wong sidik
kang padha munjuk marang Sang Prabu atas
asmane Pangeran Yehuwah, Gusti Allahe
Israel, lah kabeh iku kamot ana ing riwayate
para ratu ing Israel. 19 Pandongane lan kabule
pandongane, sakehe dosane lan anggone
ora setya, sakehing panggonan kang diedegi
tengger-tengger pangurbanan, tugu-tugu
brahala tuwin reca-reca tatahan, sadurunge
panjenengane ngesorake sarira, lah kabeh
iku padha katulisan ana ing riwayate para
wong sidik. 20 Sawuse mangkono Sang Prabu
Manasye banjur kepareng ngaso nunggil
karo para leluhure lan disarekake ana ing
kadhatone. Dene Pangeran Amon, kang putra,
nuli jumeneng ratu, nggentosi panjenengane.

Sang Prabu Amon

33:21-25

2Ra 21:19-26

21 Pangeran Amon nalika jumeneng ratu
yuswa rolikur taun, dene anggone ngasta
paprentahan ana ing Yerusalem suwene rong
taun. 22 Sang Prabu nglampahi apa kang ala

ana ing paningaling Yehuwah, kaya kang
katindakake dening Sang Prabu Manasye,
kang rama. Sang Prabu Amon sesaji kurban
marang sakehe reca tatahan, yasane Sang
Prabu Manasye, kang rama, lan ngabekti
marang iku. 23 Nanging panjenengane ora
ngesorake sarira ana ngarsane Pangeran
Yehuwah, kaya Sang Prabu Manasye, kang
rama, malah saya mundhak akeh kaluputane.
24 Para punggawane banjur padha sekuthon
nglawan marang panjenengane; Sang Prabu
disedani ana ing kadhatone. 25 Nanging kang
padha sekuthon nglawan Sang Prabu Amon
mau banjur dipateni dening rakyat ing nagara
kono lan sawuse mangkono rakyat mau nuli
njumenengake ratu Pangeran Yosia, kang
putra, nggentosi panjenengane.

Sang Prabu Yosia. Owah-owahan kang dianakake Sang Prabu Yosia

34:1-7

2Ra 22:1-2, 23:4-20

34 1 Pangeran Yosia nalika jumeneng ratu
yuswa wolung taun, dene anggone
ngasta paprentahan ana ing Yerusalem lawase
telung puluh siji taun. 2 Sang Prabu nindakake
apa kang bener ana ing paningaling Sang
Yehuwah sarta sugenge kaya Sang Prabu
Dawud, leluhure, lan ora nyimpang manengen
utawa mangiwa. 3 Ing taun kang kaping
wolune paprentahane, nalika panjenengane
isih timur, panjenengane wiwit ngupadi

marang Gusti Allahe Sang Prabu Dawud,
leluhure, lan ing taun kang kaping rolas Sang
Prabu wiwit ngresiki kanajisaning Yehuda lan
Yerusalem yaiku nyingkirake tengger-tengger
pangurbanan, tugu-tugu brahala, reca-reca
tatahan lan reca-reca cithakan. 4 Misbyah-
misbyahe para Baal padha dibubrahi ana
ing ngarsane; padupan-padupan kang ana
ing dhuwure padha diejur-ejur; tugu-tugu
brahala padha diremuki lan digecaki, uga
reca-reca tatahan lan reca-reca cithakan, nuli
disawur-sawurake ing kuburane wong kang
padha sesaji kurban marang brahala-brahala
iku. 5 Balung-balunge para imam padha
diobongi ana ing misbyah-misbyahe. Kaya
mangkono anggone Sang Prabu ngresiki
kanajisane Yehuda lan Yerusalem. 6 Uga
ana ing kutha-kuthane Manasye, Efraim lan
Simeon, nganti tekan ing kutha-kuthane
Naftali, kang ing kana-kene wis dadi jugrugan,
7 Sang Nata dhawuh mbubrahi sakehe misbyah
lan tugu brahala, ngremuki lan nggecaki
sakehe reca tatahan sarta nggecaki sakehe
padupan ing saindenging tanah Israel. Sawuse
mangkono Sang Nata banjur kondur menyang
ing Yerusalem.

Kitab Toret ketemu maneh

34:8-33

2Ra 22:3--23:3

8 Ing taun kang kaping wolulase
paprentahane, sarampunge anggone

nucekake nagara lan padalemaning Sang
Yehuwah, Sang Prabu nuli dhawuh marang
Sang Safan bin Azalya, lan Sang Maaseya, wali
kota, sarta Sang Yoah bin Yoahas, hartakaning
nagara, supaya padha mbangun padalemaning
Pangeran Yehuwah, Gusti Allahe. 9 Iku banjur
padha sowan marang ing ngarsane Imam
Agung Hilkia prelu masrahake dhuwit kang
wus kalebokake menyang ing padalemaning
Allah lan kang wus kaklumpukake dening para
wong Lewi, yaiku para jaga-gapura, saka para
wong Manasye lan Efraim, sarta sakehe wong
Israel kang isih manggon ana ing kono tuwin
uga saka wong Yehuda lan Benyamin apadene
saka para wong kang manggon ing Yerusalem.
10 Dhuwit mau nuli kapasrahake marang para
wong kang padha diangkat dadi juru rumeksa
padalemaning Pangeran Yehuwah; wong iku
banjur migunakake dhuwit kanggo ndandani
padalemaning Sang Yehuwah. 11 Dhuwite
dibayarake marang para tukang kayu lan para
tukang bangunan, padha dianggo tuku watu
tatahan lan kayu kanggo blandar sarta kanggo
ragangane gedhong-gedhong, kang wus rusak
lan ora kagalih dening para ratu ing Yehuda.
12 Wong-wong mau anggone padha nindakake
pagaweane kalawan tumemen. Anadene
wong-wong kang padha kadadekake lelurahe
yaiku: Yahat lan Obaja, wong Lewi saka
bani Merari; sabanjure kang manggedheni
sakabehe iku Zakharia lan Mesulam saka
bani Kehat. Sakehe wong Lewi kang pinter
ngunekake piranti-piranti musik 13 padha

dadi tetindhihe kuli lan nuntun ing sajrone
nindakake pagawean apa bae. Ing antarane
para wong Lewi iku ana kang dadi juru tulis,
lurah lan jaga-gapura.
14 Nalika padha ngetokake dhuwit kang
wus kalebokake menyang ing padalemaning
Yehuwah, Imam Agung Hilkia manggih
kitab Torete Pangeran Yehuwah, kang wus
kaparingake lumantar Nabi Musa. 15 Imam
Agung Hilkia tumuli ngandika marang Sang
Safan, sekretaris nagara: "Kula kala wau
manggih kitab Toret wonten ing padalemaning
Sang Yehuwah!" Imam Agung Hilkia banjur
masrahake kitab iku marang Sang Safan,
16 dene Sang Safan nuli mbekta kitab mau
marang ing ngarsane Sang Nata lan uga matur
mangkene: "Sadaya dhawuh dalem dhateng
para abdi dalem, sampun katindakaken.
17 Arta ingkang wonten ing padalemaning
Sang Yehuwah sampun dipun pendhet saha
lajeng kapasrahaken dhateng para lurah
lan para tukang." 18 Sang Safan, sekretaris
nagara iku uga munjuk marang Sang Prabu:
"Imam Agung Hilkia kala wau masrahaken
kitab dhateng abdi-dalem kawula." Sang
Safan tumuli maosake saperangan ana ing
ngarsane Sang Nata. 19 Bareng Sang Prabu
midhanget sabdaning Toret mau, banjur
nyuwek-nyuwek pangagemane. 20 Sawuse
mangkono nuli paring dhawuh marang Imam
Agung Hilkia, marang Sang Ahikam bin Safan,
marang Abdon bin Mikha, marang Sang
Safan, sekretaris nagara mau lan marang

Sang Asaya, priyagung abdine Sang Prabu,
pangandikane: [21] “Padha mangkata, ingsun
padha suwunna pitedah marang Pangeran
Yehuwah, kanggo para kang isih kari ana ing
Yehuda, bab sabdaning kitab kang katemu
iki, sabab bebenduning Pangeran Yehuwah
nggegirisi banget kang kaesokake marang
kita, amarga para leluhur kita padha ora
netepi pangandikaning Sang Yehuwah kalawan
nindakake trep kaya kang tinulis ing kitab iki!”
[22] Imam Agung Hilkia nuli mundur
bebarengan karo para priyagung kang padha
ngemban dhawuhe Sang Nata, banjur padha
tindak menyang ing daleme Nabi Hulda,
nabi wanita, semahe lurah reksa busana,
yaiku Salum bin Tokhat bin Hasra. Nabi
wanita iku daleme ana ing Yerusalem, ana
ing pakampungan anyar. Para priyagung mau
tumuli padha mratelakake prelune anggone
kautus. [23] Wanita iku nuli matur: “Makaten
pangandikaning Pangeran Yehuwah, Gusti
Allahipun Israel: Sira padha matura marang
kang ngutus sira sowan ing ngarsaningSun
mangkene: [24] Makaten pangandikaning Sang
Yehuwah: Lah Ingsun bakal ndhatengake
bilai marang ing panggonan kene lan marang
kang padha ngenggoni, yaiku sakehe ipat-ipat
kang katulisan ana ing kitab kang wus
kawaca ana ing ngarepe ratu ing Yehuda,
[25] amarga padha ngungkurake marang
Ingsun lan sesaji kurban marang allah liyane;
sedyane arep gawe gerahing panggalihingSun
sarana sakehe gegaweane tangane. Mulane

bebenduningSun kang mulad-mulad bakal
kaesokake ing panggonan kene sarta iku ora
bakal sirep-sirep. 26 Nanging marang ratu
Yehuda kang wus ngutus sira kabeh nyuwun
pitedahing Sang Yehuwah, sira padha matura
mangkene: Makaten pangandikaning Pangeran
Yehuwah, Gusti Allahipun Israel: Mungguh
tembung kang wus sira rungu iku 27 ing
sarehne sira wus ngatonake panalangsanira
lan ngesorake awakira ana ing ngarsaning
Allah nalika sira krungu pangandikane
tumrap panggonan iki lan tumrap para
kang padha ngenggoni, ing sarehne sira
ngesorake awakira ana ing ngarsaningSun,
lan nyuwek-nyuwek panganggonira sarta
nangis ana ing ngarsaningSun, Ingsun ya wus
miyarsakake iku, -- makaten pangandikaning
Pangeran Yehuwah -- 28 mulane lah sira bakal
Suntunggalake kalawan para leluhurira lan
sira bakal kakubur ana ing pakuburanira
kalawan tentrem, sarta mripatira bakal ora
ndeleng marang sakehe bilai kang bakal
Sundhatengake marang ing panggonan iki lan
marang kang padha manggon ing kene." Para
utusan nuli padha ngaturake pangandika mau
marang Sang Prabu.
29 Sawuse iku Sang Nata dhawuh
nglempakake sakehe pinituwa ing Yehuda
lan ing Yerusalem. 30 Sang Prabu nuli
tindak menyang ing padalemaning Pangeran
Yehuwah, kadherekake ing wong Yehuda lan
kang manggon ing Yerusalem kabeh, para
imam, para wong Lewi, lan wong sabangsa

kabeh, kang gedhe lan kang isih cilik. Sang
Prabu banjur maosake wong mau kabeh
sakehing sabda ing kitab prajanjian kang
katemu ana ing padalemaning Pangeran
Yehuwah mau. 31 Sawuse mangkono Sang
Nata tumuli jumeneng ana ing panggenane
sarta damel prajanjian ana ing ngarsaning
Pangeran Yehuwah, manawa bakal manut
marang Pangeran Yehuwah, netepi ing
pepakene, pranatane lan katetepane
kalawan gumolonging atine, tuwin kalawan
gumolonging nyawane sarta bakal nindakake
sabdaning prajanjian kang katulis ing kitab
mau. 32 Sakehe wong ing Yerusalem lan
ing Benyamin padha kadhawuhan ndherek
manjing ing prajanjian iku. Anadene para
wong ing Yerusalem iya padha tumindak
manut prajanjianing Allah, yaiku Gusti Allahe
para leluhure. 33 Sang Prabu Yosia nyingkirake
sakehe dewaning kanisthan ing dhaerahe
wong Israel kabeh sarta dhawuh marang
sakehe wong kang ana ing tanah Israel supaya
padha ngabekti marang Pangeran Yehuwah,
Gusti Allahe. Ing sajege sugenge Sang Prabu
Yosia, wong-wong ora padha nyimpang saka
anggone manut marang Pangeran Yehuwah,
Gusti Allahe para leluhure.

Sang Prabu Yosia ngriyayakake Paskah

35:1-19

2Ra 23:21-23

35 [1] Kacarita Sang Prabu Yosia
ngriyayakake Paskah kagem Pangeran
Yehuwah ana ing Yerusalem. Wedhuse gembel
Paskah disembeleh ing tanggal patbelas ing
sasi kapisan. [2] Sang Nata mranata kawajibane
para imam lan paring pangatag tumrap
anggone padha nindakake pagaweane ana
ing padalemane Sang Yehuwah. [3] Sang Prabu
ngandika marang para wong Lewi, kang
padha aweh piwulang marang wong Israel
lan para wong kang kasucekake kagem
Pangeran Yehuwah: "Pethi suci iku prenahna
ana ing dalem yasane Sang Prabu Suleman
putrane Sang Prabu Dawud, ratu ing Israel.
Ora usah sira usung maneh. Saiki sira padha
leladia marang Pangeran Yehuwah, Allahira,
lan Israel, umate! [4] Padha cecawisa manut
kulawangsanira kaya kang wus kaseratan
dening Sang Prabu Dawud, ratu ing Israel, lan
Sang Prabu Suleman, kang putra. [5] Sira padha
ngadega ana ing plataraning pasucen manut
golongane kulawangsane para sadulurira
liyane, yaiku golonganing wong lumrah, saben
golongane kulawangsane wong Lewi kanggo
para sadulurira iku sagolongan. [6] Nuli padha
nyembeleha wedhuse gembel Paskah; sira
padha nucekna awakira, lan padha nganakna
pacawisan kanggo para sadulurira, miturut

apa kang kapangandikakake dening Pangeran
Yehuwah lumantar Nabi Musa.”
7 Sang Prabu Yosia nyumbang marang
golonganing wong lumrah arupa wedhus
telung puluh ewu, yaiku wedhus gembel
lan wedhus berok kang isih enom, kabeh
minangka kurban Paskah kanggo sakehe
wong kang ana ing kono. Kajaba iku Sang
Nata uga nyumbang sapi telung ewu. Kabeh
iku saka barang kagungane Sang Prabu.
8 Para panggedhening wadya-bala iya padha
paring pasumbang kalawan manasuka marang
rakyat, para imam lan para wong Lewi.
Sawuse mangkono Imam Agung Hilkia, Sang
Zakharia lan Sang Yehiel, para panggedhening
padalemaning Allah, padha maringi marang
para imam wedhus rong ewu nem atus
minangka kurban Paskah lan kajaba iku
uga sapi telung atus. 9 Sang Khonanya lan
sadhereke loro, Sang Semaya lan Sang
Netaneel, sarta Sang Hasabya, Sang Yeiel
lan Sang Yozabad, para panggedhening wong
Lewi, nyumbang marang para wong Lewi
wedhus limang ewu kanggo kurban Paskah
sarta kajaba iku sapi limang atus. 10 Bareng
upacaraning pangibadah wus kacawisake,
para imam banjur padha ngadeg ing ngarepe
lan uga para wong Lewi manut golongane
miturut dhawuhe Sang Prabu. 11 Wedhus
gembel Paskah tumuli disembeleh lan para
imam nyiramake getihe saka ing tangane para
wong Lewi, dene para wong Lewi padha ngeleti
wedhus mau. 12 Nanging kurbane obaran

didhewekake, bakal dipasrahake marang
golonganing wong lumrah manut golongane
kulawangsane; iku kapisungsungake marang
Pangeran Yehuwah kaya kang wus katulisan
ana ing kitabe Nabi Musa. Mangkono uga
sapi-sapine. 13 Sawuse mangkono wong-wong
banjur padha manggang wedhuse gembel
Paskah ana ing geni, nocogi pranatane, dene
pisungsung-pisungsung suci padha kaolah
ana ing kwali, ing kenceng utawa ing wajan;
iku banjur enggal-enggal kaedumake marang
golonganing wong lumrah kabeh. 14 Sawuse
iku nuli padha ngolahake awake dhewe lan
para imam, amarga para imam, yaiku para
tedhake Rama Harun, padha ribut caos kurban
obaran lan sakehe gajih nganti bengi. Mulane
para wong Lewi padha ngolahake awake dhewe
lan para imam, yaiku para tedhake Rama
Harun. 15 Para juru ngidung, yaiku bani Asaf,
padha ana ing papane dhewe, nocogi dhawuhe
Sang Prabu Dawud, Sang Asaf, Sang Heman
lan Sang Yedutun, wong sidik abdine Sang
Nata mau; uga para jaga-gapura padha ana
ing saben gapura. Iku ora usah padha ninggal
kawajibane, amarga para sadulure, yaiku
para wong Lewi, kang nyadhiyakake. 16 Kaya
mangkono anggone padha nyawisake upacara
pangibadah marang Pangeran Yehuwah ing
dina iku, kanggo ngriyayakake Paskah lan
nyaosake kurban obaran ana ing misbyahe
Pangeran Yehuwah, nocogi dhawuhe Sang
Prabu Yosia. 17 Ing nalika iku wong Israel kang
padha ana ing kono, ngriyayakake Paskah lan

dina mangan Roti Tanpa Ragi, kang suwene
pitung dina. 18 Paskah kang kaya mangkono
iku ora tau diriyayakake maneh ana ing Israel wiwit jamane Nabi Samuel. Ing antarane para ratune wong Israel ora ana siji bae kang tau ngriyayakake Paskah kaya kang diriyayakake dening Sang Prabu Yosia karo para imam lan para wong Lewi, sarta karo sakehe wong Yehuda lan Israel kang padha bisa nekani, tuwin karo para wong kang padha manggon
ing Yerusalem. 19 Paskah mau diriyayakake ing
taun kang kaping wolulase paprentahane Sang Prabu Yosia.

Sang Prabu Yosia disedani Sang Prabu Nekho

35:20-27

2Ra 23:28-30

20 Sapungkure lelakon iku mau kabeh,
nalika Sang Prabu wus rampung anggone ndadosi padalemaning Yehuwah, Sang Prabu Nekho, ratu ing nagara Mesir, nglurug perang menyang ing kutha Karkhemis ing sapinggire bengawan Efrat. Sang Prabu Yosia miyos
methukake. 21 Sang Prabu Nekho ngintunake
utusan marang Sang Prabu Yosia, kadhawuhan nglantaraken pangandikane kang mangkene: "Panjenengan kagungan urusan punapa kaliyan kula, Sang Prabu ing Yehuda? Wekdal punika kula boten nglurugi panjenengan, nanging nglawan dhateng ratu ingkang saweg kula perangi. Gusti Allah dhawuh dhateng kula

supados enggal-enggal tumandang. Milanipun
kula aturi nyandekakaken karsa panjenengan
nglawan dhateng Gusti Allah ingkang
nunggil kaliyan kula, supados panjenengan
sampun ngantos kasirnakaken dening
Panjenenganipun!” 22 Nanging Sang Prabu
Yosia ora karsa sumingkir saka ing ngarsane
Sang Prabu Nekho, malah nyamur lampah arep
nglawan perang marang panjenengane, dadine
ora karsa migatosake marang pangandikane
Sang Prabu Nekho, kang dadi pepengeting
Allah; Sang Prabu Yosia banjur lumawan
perang ana ing lebak Megido. 23 Para prajurit
panahan padha nglepasake panahe marang
Sang Prabu Yosia, wasana Sang Nata nuli
dhawuh marang para pandhereke: “Ingsun
singkirna saka ing kene, awit ingsun ketaton
banget!” 24 Para pandhereke padha mindhah
panjenengane saka ing kreta titihane menyang
ing kreta cadhangan, lan banjur kadherekake
kondur menyang ing Yerusalem. Sang Nata
tumuli seda lan banjur kasarekake ana ing
pasareane para leluhure. Wong satanah
Yehuda lan ing Yerusalem kabeh padha
nindhakake patangisan, tumuju marang sang
Prabu Yosia. 25 Nabi Yeremia nganggit kidung
pangadhuh ing bab Sang Prabu Yosia. Lan
nganti saprene sakehe juru ngidung lanang
lan wadon padha ngrepekake kidung-kidung
pangadhuh ing bab Sang Prabu Yosia, sarta
iku didadekake sawijining padatan ana ing
tanah Israel. Iku kabeh padha katulisan ana
ing Kidung Pangadhuh.

[26] Anadene kekarene riwayate Sang Prabu
Yosia lan pandamel-pandamele kang saleh
kang cundhuk karo kang katulisan ing Torete
Pangeran Yehuwah, [27] yaiku riwayate wiwit
wiwitan nganti tumeka ing wekasan, lah iku
kabeh padha katulisan ana ing buku bab para
ratu ing Israel lan ing Yehuda.

Sang Prabu Yoahas

36:1-4

2Ra 23:31-35

36 [1] Rakyat ing nagara banjur ngaturi
Pangeran Yoahas, putrane Sang
Prabu Yosia, sarta kajumenengake ratu
ana ing Yerusalem nggentosi kang rama.
[2] Nalika jumeneng ratu iku Pangeran Yoahas
yuswa telulikur taun, dene anggone ngasta
paprentahan ana ing Yerusalem suwene
telung sasi. [3] Sang Prabu nuli kalungsur
saka anggone ngasta paprentahan ing
Yerusalem dening Sang Nata ing Mesir, sarta
nagara iku kadhendha satus talenta selaka
lan satalenta emas. [4] Sang Nata ing Mesir
banjur njumenengake ratu Pangeran Elyakim,
sadhereke Sang Prabu Yoahas, ngratoni
Yehuda lan Yerusalem, sarta nyantuni asmane
dadi Yoyakim. Nanging Sang Prabu Yoahas,
sadhereke mau, katawan dening Sang Prabu
Nekho, kabekta menyang ing Mesir.

Sang Prabu Yoyakim

36:5-8

2Ra 23:36--24:7

5 Sang Prabu Yoyakim nalika jumeneng
ratu mau yuswa salawe taun, dene anggone
ngasta paprentahan ana ing Yerusalem lawase
sawelas taun. Sang Nata nglampahi apa kang
ala ana ing paningaling Sang Yehuwah, Gusti
Allahe. 6 Sang Prabu Nebukadnezar, ratu ing
nagara Babil, nglurugi perang panjenengane;
Sang Prabu Yoyakim banjur kablenggu
nganggo rante tembaga lan kabekta menyang
ing Babil. 7 Piranti ing padalemaning Pangeran
Yehuwah ana sawatara kang uga kabekta
dening Sang Prabu Nebukadnezar menyang
ing Babil lan kadekek ana ing kadhatone ing
Babil. 8 Anadene kekarene riwayate Sang
Prabu Yoyakim, sakehe kanisthan kang
katindakake lan kaluputan kang tinemu ana
ing panjenengane, lah iku kabeh padha
katulisan ana ing buku bab para ratu ing
Israel lan ing Yehuda. Pangeran Yoyakhin,
kang putra, nuli jumeneng ratu nggentosi
panjenengane.

Sang Prabu Yoyakhin

36:9-10

2Ra 24:8-17

9 Pangeran Yoyakhin nalika jumeneng ratu
iku yuswa wolulas taun, dene anggone

ngasta paprentahan ana ing Yerusalem,
suwene telung sasi sepuluh dina. Sang Nata
nglampahi apa kang ala ana ing paningaling
Yehuwah. 10 Nalika gumantining taun Sang
Prabu Nebukadnezar utusan mboyong
panjenengane dalah piranti-piranti kang
endah-endah kang ana ing padalemaning
Pangeran Yehuwah, menyang ing Babil sarta
Pangeran Zedhekia sadhereke ramane Prabu
Yoyakhin, tumuli kajumenengake ratu ing
Yehuda lan Yerusalem.

Sang Prabu Zedhekia. Rusake karajan Yehuda

36:11-21

2Ra 24:18-20, 25:8-21 Ym 39:8-10, 52:1-30

11 Pangeran Zedhekia nalika jumeneng
ratu iku yuswa selikur taun, dene anggone
ngasta paprentahan ana ing Yerusalem lawase
sawelas taun. 12 Sang Prabu nglampahi apa
kang ala ana ing paningaling Sang Yehuwah,
Gustu Allahe lan ora ngesorake sarira ana ing
ngarsane Nabi Yeremia, kang sowan kalawan
ngemban dhawuhe Pangeran Yehuwah.
13 Sarta maneh panjenengane mbalela marang
Sang Prabu Nebukadnezar, kang wus dhawuh
marang panjenengane supaya supaos dhemi
Allah. Sang Prabu Zedhekia ngakenake
githoke lan mangkotake panggalihe sarta
ora mratobat marang Pangeran Yehuwah,
Gusti Allahe Israel. 14 Uga sakehe panggedhe
ing antarane para imam lan rakyat padha

bola-bali anggone ora setya kanthi patrap
nindakake sakehe kanisthane bangsa-bangsa
liya. Padaleman kang kasucekake dening
Pangeran Yehuwah ana ing Yerusalem digawe
najis. 15 Ewasamono Pangeran Yehuwah,
Gusti Allahe para leluhure, mawali-wali
anggone paring pepenget lumantar para
utusane, amarga saka tresnane marang
umate lan papan padalemane. 16 Nanging
wong-wong padha memoyoki para utusaning
Allah mau, ngremehake pangandikaning
Allah lan padha gawe geguyon marang para
nabine. Mulane Pangeran Yehuwah banjur
duka marang umate, nganti ora bisa lilih
maneh. 17 Sang Yehuwah nuli ndhatengake
ratune wong Kasdim, kang banjur nglawan
marang wong-wong mau. Sang Prabu dhawuh
mateni para jakane kalawan pedhang ana
ing dalem pasucene, sarta ora ngatingalake
pangemane marang jaka utawa prawan, wong
tuwa utawa wong uwanen -- kabeh padha
kaulungake dening Pangeran Yehuwah marang
ing astane. 18 Sakehe piranti padalemaning
Allah, kang gedhe lan kang cilik dalah
raja-brana ing padalemaning Sang Yehuwah,
raja-branane Sang Nata lan raja-branane para
panggedhening wadya-balane, kabeh diusungi
menyang ing Babil. 19 Padalemaning Allah
diobong, temboke Yerusalem dirubuhake lan
sakehe puri ing kutha padha diobongi kalawan
geni, satemah padha sirna sakehe prabot kang
endah-endah. 20 Wong kang isih ana kang
ora ketaman ing pedhang, padha diboyongi

menyang ing Babil, padha didadekake abdi
tumbasane Sang Prabu lan abdi tumbasane
para putrane, nganti tumeka karajan Persia
kang nyekel pangwasa. 21 Kalawan mangkono
pangandikane Pangeran Yehuwah kang
kalairake lumantar Nabi Yeremia wus kelakon,
nganti tanah iku wus pulih saka ing kaanan
katemahane anggone dilirwakake taun-taun
sabate, amarga tanah mau cengkar salawase
sabat nganti wus ganep pitung puluh taun.

Sang Prabu Koresy paring palilah marang para wong buwangan padha mulih menyang ing nagarane

36:22-23

Ez 1:1-4

22 Ing taun kang kawitane jamane Sang
Prabu Koresy, ratu ing Nagara Persia, Pangeran
Yehuwah ngebahake panggalihe Sang Prabu
Koresy, ratu ing Persia mau -- iku supaya
kelakona pangandikane kang kalairake
lumantar Nabi Yeremia -- satemah banjur
dhawuh ngundhangake ing saindenging
karajane Sang Prabu Koresy, kanthi patrap
lesan lan katulis pangumuman kang suraose
mangkene: 23 "Mangkene dhawuhe Sang
Prabu Koresy, ratu ing Persia: Sakehe karajan
ing bumi wus kaparingake marang ingsun
dening Pangeran Yehuwah, Gusti Allahe
saindenging langit. Panjenengane dhawuh
marang ingsun supaya yasa padaleman kagem
Panjenengane ana ing Yerusalem, kang ana

ing Yehuda. Panunggalanira kang kagolong umate, Pangeran Yehuwah, Gusti Allahe, muga nunggila kalawan wong iku -- iku sunparengake mulih!”

EZRA

Prabu Koresy maringi palilah marang para wong buwangan mulih menyang ing nagarane

1:1-11

1 [1] Nalika taun kapisan jumenenge Prabu
Koresy, ratu ing nagara Persia, supaya
katetepana pangandika kang kalairake dening
Nabi Yeremia, Sang Yehuwah ngosikake
panggalihe Sang Prabu Koresy, ratu ing
Persia mau, temahan panjenengane nuli
ngundhangake ing saindenging karajane Prabu
Koresy kalawan lesan lan katulis: [2] "Mangkene
dhawuhe Sang Prabu Koresy, ratu ing Persia:
Pangeran Yehuwah, Gusti Allahe sakurebe
langit wus maringake sakehing karajan
ing bumi marang ingsun; Panjenengane
wus dhawuh marang ingsun ngyasakake
padaleman kagem Panjenengane ana ing
Yerusalem ing tanah Yehuda. [3] Sapa wong
panunggalanira kang kagolong umate, iku
ditunggalake dening Allahe! Iku mangkata
mulih menyang ing Yerusalem kang ana ing
tanah Yehuda, lan yasaa padalemane Sang
Yehuwah, Gusti Allahe Israel, yaiku Gusti
Allah kang akedhaton ana ing Yerusalem.
[4] Dene sapa-sapaa kang isih kari, ana ing
ngendi-endia bae anggone neneka, iku

dibiyantonana dening wong kang manggon
tunggal sapanggonan selaka lan emas tuwin
dandanan apadene kewan, karo maneh
kang rupa pisungsung manasuka kanggo
padalemane Gusti Allah kang akedhaton ana
ing Yerusalem.”
5 Ing kono para panggedhene darah yehuda
lan Benyamin sarta para imam lan para
wong Lewi, yaiku saben wong kang katetangi
krekating atine dening Gusti Allah, supaya
mangkat, banjur padha budhalan, arep
mbangun padalemane Sang Yehuwah kang
akedhaton ana ing Yerusalem. 6 Dene sakehing
tangga teparone padha mbiyantu piranti
selaka tuwin emas lan rajabrana sarta kewan,
apadene kang peni-peni, iku kejaba apa kang
kapisungsungake kalawan manasuka.
7 Sang Prabu Koresy uga dhawuh ngwedalake
pirantine padalemane Sang Yehuwah kang
wus dijarah dening Sang Prabu Nebukadnezar
saka ing Yerusalem lan diselehake ana ing
kabuyutane allahe. 8 Prabu Koresy ratu
ing Persia mau anggone ngwedalake iku
dipanggedheni dening Sang Mitredat, wedana
gedhong kraton, kang nacahake iku kabeh ana
ing ngarsane Sang Sesbazar, panggedhene
bangsa Yehuda.
9 Iki pratelane: bokor mas telung puluh, bokor
selaka sewu, lading sangalikur, 10 tuwung
mas telung puluh, tuwung selaka patang atus
sepuluh, piranti liya-liyane sewu. 11 Sakehing
piranti mas lan selaka iku gunggunge limang
ewu patang atus.

Iku kabeh digawa Sesbazar, nalika para wong
buwangan mau padha kairid mulih saka ing
tanah Babil menyang ing Yerusalem.

Pratelane bab wong-wong kang mulih saka ing pambuwangan

2:1-70

2 [1] Iki pratelane bab wong ing propinsi
Yehuda kang padha budhal mulih saka
ing pambuwangan, yaiku para tawanan kang
biyen padha diboyongi menyang ing tanah
Babil dening Sang Prabu Nebukadnezar, ratu
ing Babil, kang padha bali mulih menyang
ing Yerusalem lan tanah Yehuda menyang ing
kuthane dhewe-dhewe. [2] Tekane padha kairid
dening Sang Zerubabel, Yesua, Nehemya,
Seraya, Reelaya, Mordekhai, Bilsan, Mispar,
Bigwai, Rehum lan Baana.

Iki dhaftare wong-wong bangsa Israel: [3] bani
Paros: rong ewu satus pitung puluh loro;
[4] bani Sefaca: telung atus pitung puluh loro;
[5] bani Arakh: pitung atus pitung puluh lima;
[6] bani Pahat-Moab, iya iku anak-anake Yesua
lan Yoab: rong ewu wolung atus rolas; [7] bani
Elam: sewu rong atus seket papat; [8] bani
Zatu: sangang atus patang puluh lima; [9] bani
Zakai: pitung atus sewidak; [10] bani Bani: nem
atus patang puluh loro; [11] bani Bebai: nem
atus telulikur; [12] bani Azgad: sewu rong atus
rolikur; [13] bani Adhonikam: nem atus sewidak
nenem; [14] bani Bigwai: rong ewu seket nenem;
[15] bani Adin: patang atus seket papat; [16] bani

Ater, yaiku bani Hizkia: sangang puluh wolu;
17 bani Bezai: telung atus telulikur; 18 bani
Yora: satus rolas; 19 bani Hasum: rong atus
telulikur; 20 bani Gibar: sangang puluh lima;
21 saka Betlehem: satus telulikur; 22 para
wong Netofa: seket nenem; 23 saka Anatot:
satus wolulikur; 24 saka Asmawet: patang
puluh loro; 25 saka ing Kiryat-Arim, Kefira lan
Beerot: pitung atus patang puluh telu; 26 saka
ing Rama lan Gaba: nem atus selikur; 27 saka
ing Mikhmas: satus rolikur; 28 saka ing Betel
lan Ai: rong atus telulikur; 29 saka ing Nebo:
seket loro; 30 bani Magbis: satus seket nenem;
31 bani Elam, yaiku Elam liyane: sewu rong
atus seket papat; 32 bani harim: telung atus
rong puluh; 33 para wong saka ing Lod, ing
Hadid lan ing Ono: pitung atus selawe; 34 saka
Yerikho: telung atus patang puluh lima; 35 bani
Senaa: telung ewu nem atus telung puluh.

36 Iki pratelane para imam:

bani Yedaya, iya iku kulawangsane Yesua:
sangang atus pitung puluh telu; 37 bani
Imer: sewu seket loro; 38 bani Pasyhur:
sewu rong atus patang puluh pitu; 39 bani
Harim: sewu pitulas.

40 Iki para wong Lewi:

bani Yesua lan Kadmiel, yaiku tedhake
Hodawya: pitung puluh papat.

41 Iki para pasindhen:

bani Asaf: satus wolulikur.

42 Iki turune para jaga-gapura: bani Salum,
bani Ater, bani Talmon, bani Akub, bani Hatita,

bani Sobai, iku kabeh gunggunge satus telung puluh sanga.

43 Iki para abdi ing padalemane Gusti Allah:
bani Ziha, bani Hasufa, bani Tabaot;
44 bani Keros, bani Siaha, bani Padon;
45 bani Lebana, bani Hagaba, bani Akub,
46 bani Hagab, bani Samlai, bani Hanan;
47 bani Gidel, bani Gahar, bani Reaya;
48 bani Rezin, bani Nekoda, bani Gazam;
49 bani Uza, bani Paseah, bani Besai;
50 bani Asna, bani Meunim, bani Nefusim;
51 bani Bakbuk, bani Hakufa, bani Harhur;
52 bani Bazlut, bani Mehida, bani Harsa;
53 bani Barkos, bani Sisera, bani Temah;
54 bani Neziah, bani Hatifa.

55 Iki turune para abdine Prabu Suleman:
bani Sotai, bani Soferet, bani Peruda;
56 bani Yaala, bani Darkon, bani Gidel;
57 bani Sefaca, bani Hatil, bani Pokheret-
Hazebaim, bani Ami.
58 Sakehe para abdi ing padalemaning Allah lan turune para abdine Prabu Suleman iku gunggunge ana telung atus sangang puluh loro.

59 Iki wong-wong kang bali saka Tel-Melah,
Tel-Harsa, Kerub, Adan lan Imer, nanging
padha ora bisa nelakake kulawangsane lan
sara-silahe, apa iya kagolong bangsa Israel
apa dudu:
60 bani Delaya, bani Tobiya, bani
Nekoda, gunggung nem atus seket loro;
61 lan
saka antarane para imam: bani Habaya, bani
Hakos, bani Barzilai. Barzilai iku ngalap somah
saka Barzilai, wong Gilead, lan wiwit nalika
samana disebut manut jenenge kulawarga

iku. 62 Iku padha nitipriksa apa jenenge padha
kasebut ing sara-silah, nanging ora tinemu,
temah padha dianggep ora suci, lan ora
diparengake nglenggahi kaimaman. 63 Lan
tumrap wong-wong mau kadhawuhake dening
kepala dhaerah, manawa ora diparengake
mangan sesaosan kang suci pinunjul, nganti
ana imam kang jumeneng kang ngasta Urim
lan Tumim.
64 Sagolongane wong kabeh iku mau
gunggunge ana patang puluh loro ewu telung
atus sewidak; 65 iku kejaba bature lanang lan
wadon kang cacahe pitung ewu telung atus
telung puluh pitu. Ing antarane ana pasindhen
lanang lan wadon rong atus. 66 Jarane ana
pitung atus telung puluh nenem, bihale rong
atus patang puluh lima; 67 untane patang atus
telung puluh lima, kuldine nem ewu pitung
atus rong puluh.
68 Para sesirahing kulawarga, nalika sowan
menyang ing padalemane Sang Yehuwah ing
Yerusalem, ana sawatara kang ngaturake
pisungsung manasuka kanggo pembanguning
padalemaning Allah ana ing panggonane
lawas. 69 Padha ngaturake pisungsung ing
sakadare minangka wragade pagawean
rupa mas sawidak siji ewu dirham, selaka
limang ewu mena, apadene klambi rangkepan
panganggone para imam satus iji.
70 Dene para imam lan para wong Lewi sarta
uga saperanganing rakyat, para pasindhen
lan para jaga-gapura tuwin para abdining
padalemaning Allah padha manggon ana ing

kutha-kuthane, mangkono uga wong Israel
liyane kabeh iya padha manggon ana ing
kuthane dhewe-dhewe.

Pembanguning misbyah

3:1-7

3 [1] Bareng ngancik sasi kapitu, sawuse
wong Israel padha manggon ana ing
kutha-kuthane, nuli rakyat kabeh pada saiyeg
nglumpuk ana ing Yerusalem. [2] Imam Yesua,
putrane Imam Yozadak kanthi sadulure para
imam, karo Sang Zerubabel putrane Sang
Sealtiel karo para sadhereke banjur padha
tumandang mbangun misbyah, kagungane
Gusti Allahe Israel, kanggo nyaosake kurban
obaran, condhong karo kang wus kapacak
ana ing Torete Nabi Musa, abdining Allah.
[3] Misbyahe diadegake ana ing panggonane
lawas, sanadyan padha wedi marang bangsa
kang manggon ing kono, nuli padha nyaosake
kurban obaran marang Pangeran Yehuwah
ana ing misbyah iku, kurban obaran ing
wayah esuk lan sore. [4] Karodene padha
netepi riyaya Tancebing Tarub condhong karo
kang wus kapacak, sarta ing sadina-dina
nyaosake kurban obaran, miturut cacah kang
wus katamtokake yaiku saben dina, kaya
kang wus kapranata, kanggo ing dina iku.
[5] Lan wiwit ing dina iku dianakake kurban
obaran kang tetep, uga kanggo ing tanggal
anyar lan saben dina riyaya kang suci kagem
Sang Yehuwah, apadene saben-saben ana

wong kang nyaosake kurban manasuka katur
marang Pangeran Yehuwah.
6 Anggone padha miwiti nyaosake kurban
obaran marang Sang Yehuwah iku ing sasi
kapitu mau tanggal sapisan, sanadyan
padalemane suci Sang Yehuwah durung
tinalesan. 7 Nuli padha ngwenehi dhuwit
marang para tukang batu lan tukang kayu,
sarta ngwenehi pangan lan omben-omben
tuwin lenga marang wong Sidon lan Tirus,
supaya padha nggawaa kayu eres saka ing
pagunungan Libanon nganti tekan segara
ing sacedhake Yafo, miturut idin kang wis
diparingake dening Sang Prabu Koresy ratu
ing Persia.

Masang pandhemening Padaleman Suci

3:8-13

8 Bareng nyandhak taun kang kapindho
sawuse padha teka ing padalemaning Allah ing
Yerusalem ing sasi kapindho, Sang Zerubabel
putrane Sang Sealtiel lan Imam Yesua putrane
Imam Yozadak karo para sadhereke liyane,
yaiku para imam lan para wong Lewi, apadene
sakehe wong kang padha bali saka ing
tawanan menyang ing Yerusalem, padha wiwit
tumandang ing gawe, sarta padha matah
para wong Lewi kang umur rong puluh taun
sapandhuwur supaya padha ngulat-ulatake
pagawean mbangun padalemaning Pangeran
Yehuwah. 9 Imam Yesua karo para putrane
lan para sadhereke tuwin Sang Kadmiel karo

para putrane para wong Yehuda padha saiyeg ngulat-ulatake wong kang padha nglakoni pagawean tumrap ing padalemane Gusti Allah. Mangkono uga bani Henadad karo para putrane lan sadhereke, para wong Lewi.
10 Anadene nalika para tukang padha
masang tetalese padalemane sang Yehuwah, para imam banjur padha mapan klawan manganggo miturut kalungguhane kambi nggawa kalasangka, sarta para wong Lewi, bani Asaf, klawan nggawa kecer, kanggo ngluhurake Sang Yehuwah miturut tatanane
Sang Prabu Dawud, ratu ing Israel. 11 Klawan
sesauran anggone padha ngidungake repen pepujian lan pangucap sokur kagem Sang Yehuwah: “Amarga Pangeran iku asih darma! Sih-susetyane iku langgeng tumrap Israel!” Lan wong saumat kabeh padha surak-surak sora kalawan memuji marang Sang Yehuwah, awit padalemane Pangeran Yehuwah wus tinalesan.
12 Nanging panunggalane para imam lan
para wong Lewi sarta para kepalaning kulawangsa kang wus tuwa, sarta isih menangi padalemane kang dhingin, akeh kang padha nangis karanta-ranta, nalika ndeleng wong padha masang tetalese padaleman iku, mangka wong akeh padha surak-surak
seru marga saka bungahe. 13 Wong-wong
nganti ora padha bisa mbedakake swarane wong surak-surak marga saka bungah karo swaraning tangise rakyat, amarga wong akeh

padha surak-surak sora, swarane nganti
keprungu saka ing kadohan.

Pembangune kutha Yerusalem kandheg marga saka panglawane bangsa kang manggon ing kono

4:1-23

4 [1] Bareng satrune wong Yehuda lan
Benyamin padha krungu, yen wong kang
mulih saka ing pambuwangan iku padha
mbangun padaleman suci kagem Sang
Yehuwah, Gusti Allahe Israel, [2] banjur padha
nemoni Sang Zerubabel lan para kepalaning
kulawangsa, sarta padha matur: "Kula sami
kalilana tumut mbangun kaliyan panjenengan
sadaya, ujer kula inggih sami ngabekti
dhumateng Gusti Allah panjenengan sami
kados panjenengan, lan inggih tansah sami
kula saosi kurban wiwit jamanipun Sang
Prabu Ezar-Hadon, ratu ing Asyur, ingkang
dhawuh mindhah kula mriki." [3] Nanging
Sang Zerubabel lan Imam Yesua tuwin para
kepalaning kulawangsane Israel liyane iku
padha calathu marang wong-wong mau: "Ing
sarehne punika urusan kula piyambak, bab
mbangun padaleman kagem Gusti Allah kula
punika, mila kula piyambak ingkang badhe
sami mbangun kagem Pangeran Yehuwah,
Gusti Allahipun Israel, kados ingkang sampun
kadhawuhaken dhateng kula sadaya dening
Sang Prabu Koresy, ratu ing nagari Persia."

4 Ing kono bangsa kang manggon ing kono mau nuli padha gawe kendhoning krekate para wong Yehuda lan padha njalari wedi
mbangun. 5 Malah nalika jamane Sang Prabu Koresy, ratu ing nagara Persia, nganti tumeka ing jumenenge Sang Prabu Dharius, ratu ing nagara Persia, wong-wong mau padha mbeseli para juru ngembani prakara supaya nglawan para wong Yehuda amrih wurunga ada-adane.
6 Nalika jumenenge Sang Prabu Ahasyweros ing wiwitane anggone ngasta paprentahan, wong mau padha ngunjukake layang panggugat tumrap para wong kang wus padha
manggon ing Yehuda lan ing Yerusalem. 7 Lan
nalika jumenenge Prabu Artahsasta, Bislam, Mitredat lan Tabeel karo para kanthine liyane banjur padha nulis layang konjuk marang Sang Prabu Artahsasta, ratu ing Persia. Layange mau katulis mawa basa Aram kanthi
kajarwakake: 8 "Bupati Rehum kaliyan Simsai, juru-serat, sampun sami damel serat bab Yerusalem, konjuk dhumateng Sang Prabu
Artahsasta, ingkang isinipun mekaten: 9 --
Bupati Rehum kaliyan Simsai, juru-serat, sarta para prakancanipun, para hakim saha para punggawa saandhahanipun, tiyang Persia, tiyang saking Erekh, tiyang saking Babil, saha tiyang saking Susan, inggih punika tiyang Elam
10 tuwin bangsa-bangsa sanesipun, ingkang dipun pindhah dening panjenenganipun Sang Asnapar ingkang agung lan minulya, sarta kadhawuhan manggen wonten ing kitha Samaria lan ing tlatah sanesipun sakilenipun

benawi Efrat.” 11 Iki turunane layang kang
diunjukake marang panjenengane: “Konjuk ing
ngarsa dalem Sang Prabu Artahsasta, saking
kawula para abdi dalem, para tiyang ingkang
wonten ing wewengkon sakilening benawi
Efrat. 12 Mugi kauningana ing Sang Prabu,
bilih tiyang Yahudi ingkang sami bidhal saking
ngarsa dalem dhateng ing panggenan kawula
punika sampun sami dumugi ing Yerusalem.
Tiyang-tiyang wau sapunika saweg mbangun
kitha ingkang tiyangipun sami duraka lan
dursila punika, sami ndandosi balowartinipun
sarta nyantosakaken tetalesipun. 13 Ingkang
punika mugi kauningana ing Sang Prabu,
bilih, manawi kitha punika sampun kabangun
malih sarta balowartinipun sampun rampung,
tiyangipun boten badhe asok paos saha
bulubekti utawi beya malih, temah damel
kapitunanipun para ratu. 14 Wondene sapunika
sarehning kawula sampun sami gadhah
sesambetan kaliyan Sang Prabu, sarta boten
saged ningali, Sang Prabu angsal panacad,
pramila kawula sami kengkenan ngaturi
uninga dhumateng Sang Prabu, 15 supados
kawontenaken panitipriksa ing serat babadipun
para leluhur dalem. Panjenengan dalem lajeng
badhe manggih ing serat babad ngriku
sarta badhe nguningani bilih kitha punika
pancen sampun dados kitha duraka, ingkang
tansah njalari pitunanipun para ratu tuwin ing
dhaerah-dhaerah, punapa malih tiyang isinipun
sampun wiwit kina mila tansah ngwontenaken
pageger, ngantos kitha punika dados risak.

16 Kawula sami ngaturi pirsa dhumateng Sang
Prabu, manawi ngantos kelampahan kitha
punika kabangun malih saha balowartinipun
sampun rampung, panjenengan dalem temah
boten badhe kagungan jajahan malih wonten
ing sakilenipun benawi Efrat.”
17 Sang Prabu banjur paring wangsulan
mangkene: “Tumekaa marang bupati Rehum
lan Simsai juru-tulis sarta para kanca-kanca
liyane kang padha manggon ana ing Samaria
lan dhaerah liyane ing sabrange bengawan
Efrat. Salam!
18 Lah saiki layang paturan kang
sira unjukake marang ingsun iku wus kawaca
ana ing ngarsaningsun kanthi gamblang:
19 sarta ingsun iya wus paring dhawuh
nitipriksa, tinemune panitipriksa mau yaiku
manawa nagara iku pancen wiwit ing kuna
mula mbangkang marang para ratu, sarta
wong saisining nagara iku tansah tumindak
duraka lan mbalela.
20 Karodene ing Yerusalem
kono dhek biyen tau ana ratu-ratune kang
kwasa, kang padha ngereh satlatah sabrange
bengawan Efrat, sarta panjenengane iku
kang padha disaosi pajeg, bulubekti lan
beya.
21 Kang iku padha prentahna wong mau
supaya padha lerena, aja nganti kutha iku
dibangun maneh, sadurunge ingsun paring
dhawuh.
22 Lan padha nggatekna temenan,
supaya sira aja nganti tledhor ing bab iki. Apa
ta paedahe, yen kang marakake kapitunane
para ratu iku saya wuwuh akeh?”
23 Wondene bareng turunaning layange
Sang Prabu Artahsasta kawacakake marang

Sang Rehum, lan Simsai, juru-tulise sarta
para kanca-kancane, wong iku banjur padha
budhal menyang Yerusalem, nemoni para
wong Yahudi sarta padha dipeksa kanthi keras
supaya padha leren anggone nyambut-gawe.

Pembangunan kawiwitan maneh klawan palilahe Sang Prabu Dharius

4:24--6:12

24 Ing nalika samana pegawean
pembanguning padalemane Gusti Allah
ing Yerusalem mandheg sarta tetep mandheg
nganti tumeka jumenenge Sang Prabu Dharius
ratu ing nagara Persia ing taun kapindhone.
5 1 Nanging Nabi Hagai lan Nabi Zakharia bin
Idho, nabi loro mau padha meca tumrap
para wong Yahudi kang manggon ana ing
Yahuda lan ing Yerusalem, atas asmane Gusti
Allahe Israel, kang nganthi wong loro iku. 2 Ing
wektu samana Sang Zerubabel, putrane Sang
Sealtiel lan Imam Yesua bin Yozadak mbangun
padalemane Allah kang ana ing Yerusalem.
Wong mau padha diamping-ampingi sarta
dibiyantu dening para nabining Allah. 3 Nanging
ing nalika samana Sang Tatnai, bupati ing
sabrang kulone bengawan Efrat, ngrawuhi
bebarengan karo Sang Syetar-Boznai lan
kanca-kancane, lan mangkene pangandikane
marang para wong mau: “Sapa kang maringi
prentah marang kowe mbangun padaleman iki
sarta ngrampungake balowarti iki?” 4 Banjur
padha didangu uga: “Sapa jenenge wong kang

padha ngadegake bangunan iki?” 5 Nanging
paningale Gusti Allah tansah mirsani para
tetuwane wong Yahudi, satemah ora dipeksa
leren dening wong-wong iku, nganti prakara
iki katur marang Sang Prabu Dharius, lan wus
ana wangsulan tumrap prakara iki.
6 Ing ngisor iki turunane layang kang
diaturake marang Sang Prabu Dharius saka
Sang Tatnai, bupati ing sakulone bengawan
Efrat karo Sang Syetar-Boznai sarta kanca-
kancane, para punggawa dhaerah sakulone
benganwan Efrat. 7 Wong-wong mau padha
ngaturake palapuran tinulis mangkene:
“Konjuk ing ngarsa dalem Sang Prabu
Dharius, tentrem rahayu! 8 Mugi kauningana
ing Sang Prabu, bilih kawula sampun sami
dhateng ing tanah Yahuda, dhateng ing
padalemanipun Allah Ingkang Mahaagung.
Padaleman punika saweg kabangun mawi
sela ingkang ageng-ageng sarta tembokipun
karangkepan gebyog lan anggenipun
nindakaken padamelan punika klayan saestu,
sarta panggarapipun tumindak rancag. 9 Para
sesepuh ing ngriku lajeng sami kawula takeni
lan makaten tembung kawula: Sapa kang
mrentahi kowe mbangun padaleman iki lan
ngrampungake tembok iki? 10 Punapa malih
ugi sami kawula takeni nama-namanipun,
supados kenginga kawula aturaken ing
ngarsanipun gusti kawula, kaliyan nyatheti
namanipun ingkang sami dados sesepuhipun.
11 Tiyang wau tumunten sami mangsuli
dhateng kawula, tembungipun makaten: Kula

punika sami abdinipun Gusti Allahipun langit
lan bumi, punapa dene kula mbangun malih
padaleman ingkang sampun kaadegaken
pinten-pinten taun saderengipun punika,
kaadegaken saha karampungaken dening
satunggaling ratunipun Israel ingkang agung.
12 Nanging sarehning para leluhur kula sami
memungu bebendunipun Gusti Allahing langit,
pramila lajeng dipun ulungaken dhateng ing
astanipun Sang Prabu Nebukadnezar, ratu
ing Babil, bangsa Kasdim, ingkang nggempur
padaleman wau saha tiyangipun sami dipun
boyongi dhateng tanah Babil kadadosaken
tawanan. 13 Nanging ing taun kapisan
jamanipun Sang Prabu Koresy, ratu ing Babil,
Sang Prabu Koresy tumunten ndhawuhaken
prentah supados mbangun padalemaning
Allah punika. 14 Malah sadaya pirantosing
padalemaning Allah ingkang arupi mas tuwin
selaka, ingkang suwaunipun dipun pundhuti
Sang Prabu Nebukadnezar saking padaleman
suci ingkang wonteng ing Yerusalem ingkang
lajeng kalebetaken ing padaleman suci ing
Babil, punika ugi sami kapundhut Sang
Prabu Koresy saking padaleman suci ing
Babil lan dipun pasrahaken dhateng tiyang
ingkang nama Sesbazar ingkang sampun
kawisudha dados bupati. 15 Punika dipun
dhawuhi makaten: Piranti iki padha jupukana
nuli mangkata lan kadekeka ing padaleman
suci ing Yerusalem, apadene padalemane Allah
iku kadhawuhana mbangun maneh ana ing
panggonane lawas. 16 Bupati Sesbazar punika

wau lajeng rawuh sarta masang tetalesing
padalemaning Allah ingkang wonten ing
Yerusalem, lan wiwit kala semanten ngantos
dumugi sapriki anggenipun dipun bangun,
namung kemawon dereng rampung. 17 Pramila
manawi wonten keparenging karsa dalem
Sang Prabu, mugi wontena dhawuh dalem
nitipriksa ing gedhong raja-brana kagungan
dalem Sang Prabu ingkang wonten ing Babil
ngriku, punapa sayektos wonten dhawuh
dalem Sang Prabu Koresy, supados mbangun
padalemaning Allah wonten ing Yerusalem
wau. Wasana kekancingan dalem Sang
Prabu tunrap prekawis punika mugi lajeng
kaparingna dhumateng kawula."

6 1 Sawuse mangkono Sang Prabu Dharius
banjur dhawuh nitipriksa ana ing gedhong
raja-brana ing Babil, papan pasimpenane
naskah-naskah. 2 Wasana ing Akhmeta,
beteng kang ana ing propinsi Media, tinemu
ana gulungan kang isine mangkene:

3 "Piyagem: Ing taun kapisan jamanipun
Sang Prabu Koresy, Sang Prabu Koresy
ndhawuhaken prentah makaten: Bab
padalemaning Allah ing Yerusalem. Padaleman
iku kabanguna maneh minangka panggonane
wong nyaosake kurban sembelehan lan kurban
genenan, dhuwure gedhong sawidak asta lan
ambane sawidak asta. 4 Lan kudu dipasangi
watu gedhe-gedhe telung larik lan kayu
salarik. Dene wragade iku kajupukna saka
ing gedhong rajabrananing kraton. 5 Apadene
piranti mas lan selaka kang saka padalemane

Allah, kang padha dipundhut dening Sang
Prabu Nebukadnezar saka ing padaleman ing
Yerusalem sarta banjur digawa menyang Babil,
iku padha kabalekna, supaya padha balia
maneh menyang ing panggonane lawas, padha
sira prenahna ana ing padalemaning Allah.”
6 “Kang iku sira Tatnai, bupati ing dhaerah
sabrange bengawan Efrat, lan Syetar-Boznai,
dalah kanca-kancanira, para punggawa
dhaerah sabrange bengawan Efrat, padha
ngedoha saka ing kana. 7 Pagawean mbangun
padalemaning Allah iku togna bae; bupatine
wong Yahudi lan para tetuwane wong Yahudi
kareben padha mbangun padalemaning Allah
iku ana ing panggonane lawas. 8 Apamaneh
prentahingsun mungguh kang perlu sira
tandukake marang tetuwane wong Yahudi
tumrap pembanguning padalemane Allah iku
mangkene: Saka pametune karajan, saka
bulubekti ing dhaerah sabrange bengawan
Efrat iku kaurusa kanthi tliti lan aja diendhe-
endhe kawenehna marang wong-wong iku.
9 Lan apa kang dibutuhake, kayata sapi
lanang enom, wedhus gembel lanang, cempe
kanggo kurban obaran konjuk marang Allahing
swarga, mangkono uga gandum, uyah, anggur
lan lenga, miturut pituduhe para imam ing
Yerusalem, kabeh iku kudu kawenehake
saben dina, aja nganti gothang, 10 supaya
padha bisa ngaturake kurban kang gawe
renaning panggalihe Gusti Allahing swarga
lan ndedonga kagem Sang Prabu dalah para
putrane. 11 Sabanjure ingsun ngundhangake

dhawuh: Sapa kang nerak kekancingan
iki, cagaking omahe kabedhola siji kagawe
nyunduki wong iku ana ing pucuke, karodene
omahe kadadekna jugrugan marga saka kang
mengkono iku. 12 Anadene Gusti Allah kang
wus ngarsakake asmane dedalem ana ing kono
iku, muga ngrebahna sadhengaha ratu lan
sadhengaha bangsa kang kumlawe tangane
sumedya nerak pututsan iki, lan ngrusak
padalemaning Allah kang ana ing Yerusalem
iku. Ingsun Dharius, kang ngundhangake
dhawuh iki. Poma iku kaestokna temenan."

Pembangune wus rampung, padalemane Gusti Allah disucekake sarta riyaya Paskah kang kapisan

6:13-22

13 Sang Tatnai, bupati ing sabrange
kulon bengawan Efrat, Syetar-Boznai lan
sakanca-kancane banjur iya padha nglakoni
kanthi nastiti miturut sadhawuhe Sang Prabu
Dharius. 14 Para tetuwane wong Yahudi
padha mbanjurake anggone mbangun kanthi
rancag, kaangsegake dening pamecane Nabi
Hagai lan Nabi Zakharia bin Idho; iku iya
nganti rampung miturut dhawuhe Gusti
Allahe Israel lan dhawuhe Sang Prabu Koresy
tuwin Sang Prabu Dharius, apadene Sang
Prabu Artahsasta, ratu ing nagara Persia.
15 Rampunge padaleman iku nalika tanggal
kaping telu sasi Adar, iya iku ing taun kang

kaping neme jaman paprentahane Sang Prabu
Dharius.
[16] Wong Israel, para imam lan para wong
Lewi tuwin wong liyane kang padha bali saka
ing pambuwangan, banjur padha mahargya
anggone ngresmekake padalemane Gusti
Allah iku kalawan bungah-bungah. [17] Anggone
ngresmekake padalemane Gusti Allah mau
nganggo nyaosake kurban arupa sapi lanang
satus, wedhus gembel lanang rong atus lan
cempe wedhus gembel patang atus, sarta
minangka kurban pangruwating dosa kanggo
wong sabangsa Israel kabeh arupa wedhus
berok lanang rolas, miturut cacahe talere
Israel. [18] Kejaba iku uga mrenahake para
imam ing golongane dhewe-dhewe lan para
wong Lewi ing perangane dhewe-dhewe,
gegayutan karo anggone padha nglakoni
pangibadah marang Gusti Allah kang dedalem
ana ing Yerusalem, nyondhongi kang tinulis
ing kitabe Nabi Musa.
[19] Lan ing tanggal patbelas sasi kapisan wong
kang padha bali saka pamboyongan padha
ngriyayakake Paskah. [20] Sarehne para imam
lan para wong Lewi iku padha sesuci barengan,
mulane kabeh padha dadi suci. Banjur
padha nyembeleh cempening Paskah kanggo
sakehing wong kang padha bali saka ing
pambuwangan lan kanggo sadulur-sadulure,
yaiku para imam, sarta kanggo awake dhewe.
[21] Dene kang padha mangan yaiku wong Israel
kang padha mulih saka ing pambuwangan
lan uga saben wong kang ngedohi kanajisane

para bangsa kang manggon ing kono sarta
banjur manunggal karo wong Israel sumedya
ngabekti marang Sang Yehuwah, Gusti Allahe
Israel. 22 Wong mau uga padha mahargya
riyaya roti tanpa ragi, suwene pitung dina karo
bungah-bungah, amarga Pangeran Yehuwah
wus damel bungahe; Panjenengane wus
ngengakake panggalihe ratu ing nagara Asyur
marang wong-wong mau, temah Sang Prabu
banjur paring pambiyantu ing bab anggone
nggarap padalemaning Allah, iya iku Gusti
Allahe Israel.

Imam Ezra kaampilan pangwasa dening Sang Prabu nata pangibadah ana ing padalemaning Allah

7:1-28a

7 1 Sawuse lelakon iku mau kabeh, nalika
jumenenge Sang Prabu Artahsasta, ratu
ing nagara Persia, Imam Ezra nuli mangkat,
yaiku putrane Sang Seraya, bin Azarya bin
Hilkia, 2 bin Salum, bin Zadhok, 3 bin Ahitub,
bin Amarya, bin Azarya bin Merayot, 4 bin
Zerahya bin Uzi bin Buki 5 bin Abisua bin
Pinehas bin Eleazar bin Harun, yaiku Imam
Agung Harun. 6 Imam Ezra iku budhal saka ing
Babil. Panjenengane iku ahli Kitab, putus ing
Torete Nabi Musa, peparinge Sang Yehuwah
Gusti Allahe Israel. Lan Sang Prabu maringi
apa kang disuwun, amarga astane Pangeran
Yehuwah ngayomi panjenengane.

7 Sabanjure iya ana wong Israel sawatara
golongan kang mangkat bali menyang
Yerusalem lan uga para imam tuwin para
wong Lewi, sarta para pasindhen, para
jaga-gapura lan para abdi ing padalemane
Gusti Allah; kelakone iku ing nalika taun kang
kaping pitune jamane Sang Prabu Artahsasta.
8 Rawuhe Imam Ezra ing Yerusalem iku ing
sasi kalima, yaiku ing taun kang kaping pitune
jamane Sang Prabu Artahsasta. 9 Kabener
ing sasi kapisan tanggal sapisan anggone
budhal saka ing Babil, dene rawuhe ing
Yerusalem ing sasi kalima tanggal sapisan,
amarga ingayoman dening astane Gusti Allah
kang asipat mirah. 10 Amarga wus gembleng
tekade Imam Ezra anggone arep nitipriksa
lan nindakake Torete Sang Yehuwah, apadene
mulang bab pranatan lan sarak ana ing Israel.
11 Iki turunane layang paringe Sang Prabu
Artahsasta marang Imam Ezra, imam lan
ahli Kitab, kang wasis ing bab isining sakehe
pepaken lan pranatane Sang Yehuwah marang
Israel:
12 "Ingsun Artahsasta, ratuning para ratu,
tumekaa marang Ezra, imam lan ahli Torete
Gusti Allahing swarga, lan sabanjure. Ing
saiki, 13 ingsun wus ngundhangake dhawuh
menawa saben wong ing karajaningsun kang
kagolong wong Israel lumrah utawa para
imame lan para wong Lewi, menawa duwe
karep arep bali menyang Yerusalem, iku
kalilan mangkat mbarengi lakunira. 14 Sarehne
sira iku kautus dening Sang Prabu lan para

juru-pirembag pitu, supaya nitipriksa tanah
Yehuda lan Yerusalem wewaton angger-
anggere Allahira kang dadi gondhelanira,
15 sarta nggawaa selaka lan mas kang dadi
pisungsunge manasuka saka Sang Prabu lan
para juru-pirembage konjuk marang Allahe
Israel kang akedhaton ana ing Yerusalem
16 apadene sakehe selaka lan mas kang bakal
sira tampani saka ing satlatahe propinsi Babil
kabeh, sarta pisungsung manasuka sesaosane
rakyat lan para imam kang kanggo marang
padalemane Allahe ing Yerusalem, 17 mulane
dhuwite sira anggoa tuku kanthi setiti sapi-sapi
lanang, wedhus-wedhus gembel lanang lan
cempe-cempe wedhus gembel kalawan kurban
dhaharan lan kurban unjuk-unjukan, nuli
padha sira saosna ing misbyah padalemane
Allahira kang ana ing Yerusalem. 18 Dene
mungguh kekarene mas lan selaka mau, sira
lan para sadulurira kepareng migunakake iku
kanggo apa bae kang padha sira anggep becik
tumraping pangibadah ana ing padalemaning
Allahira. Iku caosna marang Gusti Allahira.
19 Ngemungna prabot-prabot bae kang
dipasrahake marang sira kanggo pangibadah
ana ing ngarsane Allahira ing Yerusalem.
20 Dene liyane sapira kang isih dibutuhake
kanggo padalemaning Allahira, kang wragade
dadi tanggunganira, iku kena sira bayar saka
ing gedhong rajabrananing karajan. 21 Sawuse
iku, ingsun, Sang Prabu Artahsasta wus
ngundhangake dhawuh marang sakehing
juru gedhong ing tlatah sabrange bengawan

Efrat mangkene: Apa sapanjaluke Imam
Ezra, ahli Torete Gusti Allahing swarga,
kudu katindakake kanthi nastiti, 22 kena
nggunakake selaka nganti kehe satus talenta,
gandum nganti satus kor, anggur nganti
satus bat, lenga uga satus bat, lan uyah
tanpa wates. 23 Samubarang kabeh kang
adhedhasar dhawuhe Gusti Allahing swarga,
iku kaestokna kanthi temen-temen kanggo
marang padalemane Gusti Allahing swarga,
supaya aja nganti paprentahane Sang Prabu
lan para putrane katiban bebendu. 24 Karo
maneh sira padha Sunparingi sumurup, ora
samesthine yen sakehing para imam lan wong
Lewi, para pasindhen, para jagagapura lan
para abdi ing padalemaning Allah, padha kudu
asok pajeg, bulubekti utawa beya. 25 Mulane
sira, he Ezra, miturut ing kawicaksananing
Allahira, kang kokanggo pathokan, sira
ngadegna panggedhe-panggedhe lan hakim-
hakim, supaya padha ngakimi rakyat kabeh
kang manggon ana ing sabrange bengawan
Efrat, yaiku wong-wong kang padha sumurup
marang angger-anggering Allahira, dene
sapa kang durung sumurup iku padha sira
wulanga. 26 Saben wong kang ora ngestokake
angger-anggering Allahira lan angger-anggere
Sang Prabu kapatrapana paukuman klawan
samesthine, dadia kaukum pati, kabuwang,
kadhendha utawa kakunjara.”
27 Pinujia Pangeran Yehuwah, Gusti Allahe
para leluhur kita, kang kanthi mangkono wus
karsa ngebahake panggalihe Sang Prabu,

satemah panjenengane banjur damel edi
endahe padalemane Sang Yehuwah kang ana
ing Yerusalem, 28 lan ndadekake aku dikasihi
dening Sang Prabu lan para juru pirembage
sarta sakehing panggedhene Sang Prabu kang
kuwasa!

Pacawisaning laku

7:28b--8:30

(7-28b) Dene aku, sarehne kaayoman
ing astane Sang Yehuwah Allahku, banjur
gumregah sarta nglumpukake para panggedhe
sawatara saka ing antarane wong Israel,
padha dakajak bebarengan mangkat mulih.
8 1 Iki daftare para panggedhening
kulawangsa lan sarasilahe kang padha
bebarengan budhal karo aku saka ing tanah
Babil, nalika jaman paprentahane Sang Prabu
Artahsasta: 2 saka turune Pinehas: Gersom;
saka turune Itamar: Dhaniel; saka bani
Dawud: Hatus; 3 bin Sekhanya; saka bani
Paros: Zakharia, lan kanthine wong lanang
kang padha kapacak ana ing sarasilah wong
satus seket; 4 saka bani Pahat-Moab: Elyoenai
bin Zerahya, lan kanthine wong lanang rong
atus; 5 saka bani Zatu: Sekhanya bin Yahaziel,
lan kanthine wong lanang telung atus; 6 saka
bani Adin: Ebed bin Yonatan lan kanthine
wong lanang seket; 7 saka bani Elam: Yesaya
bin Atalya, lan kanthine wong lanang pitung
puluh; 8 saka bani Sefaca: Zebaja bin Mikhael
lan kanthine wong lanang wolung puluh;

9 saka bani Yoab: Obaja bin Yehiel lan kanthine
wong lanang rong atus wolulas; 10 saka bani
Bani: Selomit bin Yosifya lan kanthine wong
lanang satus sawidak; 11 saka bani Bebai:
Zakharia bin Bebai lan kanthine wong lanang
wolulikur; 12 lan saka bani Azgad: Yohanan
bin Hakatan lan kanthine wong lanang satus
sepuluh; 13 saka bani Adonikam, kang laire
keri yaiku kang jenenge: Elifelet, Yehiel, lan
Semaya, karo kanthine wong lanang sewidak;
14 apadene saka bani Bigwai, Utai lan Zabud,
karo kanthine wong lanang pitung puluh.

15 Wong mau padha dakklumpukake ana
ing pinggire kali kang mili anjog ing Ahawa,
aku banjur padha lereb ana ing kono telung
dina. Bareng daktiti-priksa, tinemu ana wonge
Israel lumrah lan imam-imam, nanging ora
ana wong-wonge bani Lewi. 16 Mulane aku
tumuli kongkonan Eliezer, Ariel, Semaya,
Elnatan, Yarib, Elnatan, Natan, Zakharia, lan
Mesulam, kabeh iku panggedhe, apadene
Yoyarib lan Elnatan, iku guru-guru, 17 iku
padha dakweling supaya nemoni Idho, kepala
dhaerah ing kutha Kasifya. Cangkeme padha
dakiseni pitembungan tumuju marang Idho
lan para sadulure, para abdi ing padalemane
Gusti Allah ing kutha Kasifya kono supaya
nggolekna wong kang padha nglakoni ayahan
ana ing padalemane Allah kita. 18 Sarehne
astane Gusti Allah kang sipat mirah ngayomi
aku kabeh, aku banjur padha dikirimi wong
kang wasis-wasis saka bani Mahli bin Lewi,
bin Israel, yaiku Serebya saanak-anake lan

sadulur-sadulure, gunggung wong wolulas,
19 apadene Hasabya lan Yesaya saka bani
Merari, karo para sadulure lan anak-anake,
gunggung wong rong puluh; 20 sarta maneh
panunggalane para abdi ing padalemaning
Allah, kang wus padha kaparingake dening
Sang Prabu Dawud lan para panggedhe
kang padha katetepake ngladeni marang
wong-wong Lewi, kehe rong atus rong puluh,
kabeh padha kadhaftar jenenge.
21 Aku tumuli ngundhangake puwasa ana
ing pinggire kali Ahawa kono, kareben aku
padha ngesorake dhiri ana ing ngarsane Gusti
Allah kita sarta nyuwun slameting lakuku
marang Panjenengane tumrap aku kabeh,
anak-anakku apadene tumrap sabarang
darbekku kabeh. 22 Amarga aku isin saupama
nyuwuna wadya-bala lan wadya-bala jaranan
marang Sang Prabu kang rumeksa marang
aku kabeh lan kang nanggulangi mungsuh ana
ing dalan, mulane mangkono amarga aku wus
padha matur marang Sang Prabu: “Astanipun
Gusti Allah kawula punika ngayomi dhateng
sakathahipun tiyang ingkang ngupadosi ing
Panjenenganipun, murih wilujeng, nanging
sakathahipun tiyang ingkang nyingkur
Panjenenganipun punika sami dipun dhawahi
ing pangwaos saha bebendunipun.” 23 Dadine
aku banjur padha puwasa sarta padha
ngunjukakake bab iku marang Gusti Allah lan
Gusti Allah uga nyembadani panyuwunku.
24 Aku tumuli miji pangareping imam
rolas, yaiku: Serebya lan Hasabya karo

para sadulure wong sepuluh. 25 Aku banjur
nimbangake selaka lan mas apadene piranti-
piranti, yaiku pisungsung-pisungsung mligi
kanggo padalemane Gusti Allah kita, yaiku
pisungsunge Sang Prabu, para juru-pirembage
lan para panggedhe apadene sakehe para
wong Israel kang ana ing kana. 26 Aku uga
nimbang kang banjur dakpasrahake marang
ing tangane: selaka nem atus seket talenta,
lan piranti selaka pengaji satus talenta,
emas satus talenta, 27 tuwung emas rong
puluh kang pengaji sewu dirham, apadene
piranti tembaga murni kang gumilap lan
endah kaya mas rong iji. 28 Sarta aku banjur
kandha marang wong-wong mau: "Kowe iku
padha wong sengkeran sumaos marang Sang
Yehuwah lan piranti-piranti iki uga padha dadi
sengkeran suci, sarta selaka lan mase iki
dadi pisungsung manasuka konjuk marang
Sang Yehuwah Gusti Allahe para leluhurmu;
29 iku rawatana lan reksanen, nganti tumeka
wektune katimbang, ana ing sangarepe para
pangareping imam lan para wong Lewi tuwin
para panggedhening kulawangsane wong
Israel ing Yerusalem, ing gedhong-gedhong
padalemane Sang Yehuwah." 30 Para imam lan
para wong Lewi iku banjur padha nampani
selaka lan mas tuwin piranti-piranti kang wus
katimbang iku, bakal digawa menyang ing
Yerusalem, menyang ing padalemane Gusti
Allah kita.

Teka ing Yerusalem

8:31-36

31 Sawuse mangkono aku tumuli padha
budhalan saka ing pinggire kali Ahawa
menyang Yerusalem, yaiku nalika sasi kapisan
tanggal ping rolas, ngener Yerusalem, lan
astane Gusti Allah kita ngayomi marang
kita, sarta ngedohake kita saka ing tangane
mungsuh lan begal.
32 Wusana lakuku wus
tekan ing Yerusalem, aku banjur padha leren
telung dina.
33 Ing dina kaping pate selaka
lan mas tuwin piranti-piranti mau nuli padha
katimbangan ana ing padalemaning Allah kita
kaseksenan dening Imam Meremot bin Uriya,
kalawan diamping-ampingi Imam Eleazar bin
Pinehas lan kabiyantu dening wong Lewi,
yaiku Yozabad bin Yesua lan Noaja, bin Binui.
34 Kabeh mau padha diwilang lan ditimbang
maneh lan gunggunging bobote dibukoni.

35 Ing wektu iku uga wong kang wus padha
bali saka ing tawanan, yaiku kang wus padha
bali saka ing pambuwangan mau banjur padha
nyaosake kurban obaran marang Gusti Allahe
Israel arupa sapi lanang rolas kanggo wong
Israel sabangsa kabeh, wedhus gembel lanang
sangang puluh nenem, cempe wedhus gembel
pitung puluh pitu, lan wedhus berok lanang
rolas kanggo kurban pangruwating dosa,
kabeh padha kanggo kurban obaran katur
marang Sang Yehuwah.
36 Karodene padha
nyaosake layang dhawuhe Sang Prabu marang

para wakile Sang Prabu lan para bupati ing dhaerah sabrange kulon bengawan Efrat, lan para priyagung mau padha paring sumbangan marang bangsa kita lan marang padalemane Gusti Allah.

Imam Ezra ngakeni dosaning wong Israel sajroning pandonga

9:1--10:44

9 [1] Sawuse lelakon iku mau kabeh, para
panggedhe nuli padha ngrawuhi aku lan
ngandika: "Umat Israel saha para imam tuwin
para tiyang Lewi punika sami boten nebihi
para tiyang ing tanah ngriki saha lampahipun
ingkang nistha, inggih punika tiyang Kanaan,
tiyang Het, tiyang Feris, tiyang Yebus, tiyang
Amon, tiyang Moab, tiyang Mesir saha tiyang
Amori. [2] Amargi ngalap anak-anakipun estri
kangge badanipun piyambak utawi kangge
anak-anakipun jaler, temah wiji ingkang
suci campur kaliyan para tiyang ing tanah
ngriki, malah ingkang sami miwiti nglampahi
pandamel ingkang boten setya punika para
pangageng saha para ingkang nyepeng
pangwaos."
[3] Bareng aku krungu prakara kang mangkono
iku, aku tumuli nyuwek sandhanganku lan
jubahku sarta njabuti rambutku lan jenggotku
tuwin banjur ndheprok dheleg-dheleg.
[4] Sakehing wong kang gumeter saka wedine
marang pangandikane Gusti Allahe Israel,
marga saka panerake wong pambuwangan

kang ora setya iku tumuli padha nglumpuk ana
ing ngarepku, nanging aku isih tetep ndheprok
bae klawan dheleg-dheleg, nganti tumeka
wayah kurban sore. 5 Bareng wayah kurban
sore iku aku banjur ngadeg saka enggonku
nyiksa awakku, sarta jengkeng kanthi isih
nganggo sandhanganku kang suwek lan
ngegarake tanganku marang Sang Yehuwah
Allahku, 6 lan aturku: "Dhuh Allah kawula,
kawula nandhang wirang saha tampi panajad,
ngantos boten wani tumenga dhumateng
Paduka, dhuh Allah kawula, amargi dosa
kawula tumpuk-undhung ngungkuli sirah
kawula saha kalepatan kawula ngantos
sundhul ing langit. 7 Wiwit nalika jamanipun
para leluhur kawula ngantos dumugi ing
dinten punika kalepatan kawula ageng, lan
jalaran saking dosa kawula, kawula sadaya,
para ratu kawula tuwin para imam kawula
sami kaulungaken dhateng para ratu ing tanah
ngamanca, dhateng pangwaosing pedhang,
dhateng pambucalan saha sami kajarah
rayah tuwin sami karemehaken wonten ing
ngajenging tiyang kathah, kadosdene ingkang
kelampahan ing dinten punika. 8 Lan ing
samangke, saweg kemawon kawula sami
ngraosaken sih-palimirma paringipun Sang
Yehuwah Gusti Allah kawula, ingkang nilari
kawula tiyang ingkang sami oncat, saha
maringi papan padunungan wonten ing
panggenan ingkang suci, satemah mripat
kawula sami kadadosaken padhang dening
Gusti Allah, sarta kawula sami kaparingan lega

sakedhik ing salebetipun pangawulan kawula.
9 Amargi sanadyan kawula sami kaabdekaken,
ewadene salebetipun pangawulan punika,
Gusti Allah kawula boten ngantos negakaken
kawula, malah ngangsalaken sih kadarman
kangge kawula wonten ing ngarsanipun
para ratu ing Persia temah sami kaparingan
adheng, saged mbangun padalemaning Allah
kawula sarta ngadegaken malih jugruganipun,
sarta malih kaparingan tembok pangayoman
wonten ing tanah Yehuda saha ing Yerusalem.
10 Nanging lah samangke, dhuh Allah kawula,
sasampunipun punika sadaya kawula badhe
matur punapa? Amargi kawula sampun
nglirwakaken pepaken Paduka,
11 ingkang
sampun Paduka dhawuhaken lumantar
para abdi Paduka, para nabi punika, kanthi
pangandika: Tanah kang sira parani lan bakal
sira darbeki iku tanah kang najis, marga
saka kanajisane para kang manggon ing
tanah iku, iya marga saka anggone padha
tumindak rusuh nistha kanthi kanisthane
ana ing saindenging nagara wiwit ing poncot
tekan ing poncot.
12 Kang iku sira aja nganti
ngwenehake anak-anakira wadon marang
anake lanang bangsa-bangsa iku lan aja
ngalap anak-anake wadon kanggo anakira
lanang. Sira aja mbudidaya ngolehake
kabegjan lan karaharjan kanggo wong-wong
iku nganti ing salawas-lawase, supaya sira
padha dadi rosa lan padha mangan pametune
tanah kang becik, apadene padha marisake
tanah iku marang anak-anakira nganti ing

salawas-lawase. [13] Sasampunipun kawula
ngraosaken samukawis punika sadaya ingkang
margi saking piawon kawula, saha awit
saking kalepatan kawula ingkang ageng,
dhuh Allah kawula, mangka Paduka boten
paring paukuman ingkang timbang kaliyan
dosa kawula, malah kawula taksih Paduka
paringi kekantunan ingkang oncat semanten
kathahipun punika, [14] ing samangke kawula
kok lajeng sami nglirwakaken malih dhateng
pepaken Paduka srana bebesanan kaliyan
para bangsa ingkang nistha punika? Manawi
makaten mesthi kawula sami badhe Paduka
bendoni ngantos tumpes tapis, temah sampun
boten wonten kekantunanipun satunggal-
tunggala ingkang gesang utawi oncat. [15] Dhuh
Yehuwah, Gusti Allahipun Israel, Paduka
punika mahaadil, amargi kawula sami taksih
dipun parengaken lestantun kados dene
tiyang ingkang oncat, kadosdene ingkang
kelampahan ing dinten punika. Lah sapunika
kawula sami sowan wonten ing ngarsa Paduka,
klayan mbekta kalepatan kawula. Mangka
saestunipun ing salebeting kawontenan
ingkang makaten wau, boten wonten tiyang
ingkang saged lestantun wonten ing ngarsa
Paduka.”

10 [1] Nalika Imam Ezra ndedonga lan
ngakoni lepat klawan muwun lan
nggloso ana ing ngarepane padalemaning
Allah, ana golongane wong Israel kang luwih
dening akeh cacahe kang padha nglumpuk
ana ing ngarsane, wong lanang lan wong

wadon, dalah bocah-bocah sarta padha nangis
kalawan sora. 2 Nuli Sekhanya bin Yehiel,
panunggalane bani Elam, matur marang
Imam Ezra: “Kawula sampun sami nglampahi
pandamel ingkang boten setya dhumateng
Gusti Allah kawula, margi kawula sami
sesemahan kaliyan tiyang estri sanes bangsa
ing tanah ngriki. Ewasamanten ing samangke
inggih taksih wonten pangajeng-ajeng
tumrap Israel. 3 Ingkang punika sumangga
samangke sami ngawontenaken prajanjian
kaliyan Gusti allah kita, manawi badhe
ngesahaken tiyang estri punika sadaya dalah
anak-anakipun ingkang kalairaken, miturut
pitedah panjenengan saha para tiyang ingkang
gumeter ajrih dhateng pepakening Allah kita,
saha lajeng sami tumindaka miturut ing
angger-anggering Toret. 4 Sumangga kula
aturi jumeneng, amargi prakawis punika
dados kuwajiban panjenengan. Kula sami
badhe mbiyantu panjenengan. Mugi karsaa
ngiyataken panggalih panjenengan saha lajeng
karsaa tumindak!”
5 Imam Ezra banjur jumeneng sarta mundhut
sumpahe para pangarepe imam, para wong
Lewi, lan wong Israel sabangsa kabeh, yen
bakal padha nglakoni miturut ing tembung
iku mau; banjur iya padha sumpah. 6 Sawuse
iku Imam Ezra jumeneg mundur saka ing
ngarepane padalemane Gusti Allah, tumuli
lumebet ing kamare Yohanan bin Elyasib, sarta
nyare ana ing kono, ora dhahar roti lan ora
ngunjuk banyu, amarga isih prihatos jalaran

saka panggawene para wong buwangan kang
ora setya mau.
[7] Ing kono banjur ana pengumuman kang
kagiyarake ing sawatara tanah Yehuda lan
Yerusalem, marang sakehe wong kang mentas
saka ing pambuwangan, supaya padha
nglumpuk ana ing Yerusalem. [8] Sapa kang ora
mara sajroning telung dina, manut kaputusane
para panggedhe lan para tetuwa, sabarang
darbeke bakal karampas lan awake dhewe
kapisahake saka ing patunggalane para wong
kang bali saka ing pambuwangan. [9] Para wong
lanang ing tanah Yehuda lan Benyamin tumuli
padha nglumpuk kabeh ana ing Yerusalem
sajroning telung dina iku, yaiku pinuju ing
sasi kasanga tanggal ping rong puluh. Rakyat
kabeh padha lungguh ana ing platarane
padalemaning Allah, padha ndhredheg marga
saka prakara mau lan marga saka udan deres.
[10] Imam Ezra banjur jumeneng lan ngandika
marang wong kabeh iku: "Kowe wus padha
nglakoni panggawe kang ora setya, marga
padha omah-omah karo wong wadon bangsa
liya, lan marga saka iku kowe padha muwuhi
kaluputane wong Israel. [11] Nanging saiki
padha nalangsaa ana ing ngarsane Pangeran
Yehuwah, Gusti Allahe para leluhure lan padha
nglakonana kang dadi keparenging karsane,
padha pisaha karo wong-wong ing tanah
iki lan karo wong wadon bangsa liya iku."
[12] Wong sapasamuwan kabeh tumuli padha
mangsuli atur klawan swara kang sora: "Lah
sampun dados kuwajiban kula sami nglampahi

kados ingkang panjenengan pangandikakaken
punika.
13 Nanging tiyang-tiyang punika
kathah sanget cacahipun tur sapunika
saweg mangsanipun jawah, temah tiyang
sami boten betah ngadeg wonten ing jawi.
Punapa malih padamelan punika boten saged
rampung salebetipun sadinten kalih dinten,
amargi ing bab punika kula sampun sami
nglampahi panerak kathah.
14 Kajengipun para
pangageng kula kemawon ingkang sami makili
sapasamuwan sadaya, dene sakathahipun
tiyang ing kitha-kitha ingkang ngrabeni
tiyang sanes bangsa punika kajengipun sami
kasowanaken ing wekdal-wekdal ingkang
sampun katamtokaken, kairid dening para
sesepuhipun satunggal-tunggaling kitha saha
para hakimipun, ngantos mulad-mulading
bebendunipun Allah, margi saking prakawis
punika, katebihaken saking kula.”

15 Mung Yonatan bin Asael, Yahzeya bin Tikwa,
kang padha ngadeg mbantah rembug kang
mangkono iku, kabiyantu dening Mesulam
lan Sabetai, wong Lewi.
16 Nanging para
wong kang bali saka ing pambuwangan iku
padha nglakoni mangkono. Imam Ezra banjur
miji wong sawatara, yaiku para pangarepe
kulawangsa, siji-sijine kanggo kulawangsane,
kabeh pada kasebutake jenenge. Iku nalika
sasi kasepuluh tanggal sapisan banjur padha
marepat mriksa prakara iku.
17 Lan anggone
padha ngrampungake pamriksane marang
sakehing wong kang wus padha ngalap rabi

wong liyan bangsa iku nalika sasi kapisan
tanggal kapisan.
18 Panunggalane turune para imam kang
tinemu ngrabeni wong wadon bangsa liyan
iku panunggalane bani Yesua bin Yozadak lan
para sadulure: Maaseya, Eliezer, Yarib lan
Gedalya. 19 Kanthi jawatan tangan wong-wong
mau padha prajanji arep nglungakake
bojone. Padha ngaturake wedhus gembel
lanang siji saka ing pepanthaning kewane
minangka kurban panebusing dosa marga
saka kaluputane. 20 Saka bani Imer: Hanani
lan Zebaja; 21 saka bani Harim: Maaseya, Elia,
Semaya, Yehiel lan Uzia; 22 saka bani Pasyhur:
Elyoenai, Maaseya, Ismael, Nataneel, Yozabad
lan Elasa.
23 Saka wong bani Lewi: Yozabad, Simei,
Kelaya (yaiku Kelita), Petahya, Yahuda lan
Eliezer.
24 Saka para pasindhen: Elyasib.

Saka golongane para jaga-gapura: Salum,
Telem lan Uri.
25 Saka para wong Israel liyane: saka
bani Paros: Ramya, Yezia, Malkia, Miyamin,
Eleazar, Malkia lan Benaya. 26 Saka bani
Elam: Matanya, Zakharia, Yehiel, Abdi,
Yeremot lan Elia. 27 Saka bani Zatu: Elyoenai,
Eyasib, Matanya, Yeremot, Zabad lan Aziza.
28 Saka bani Bebai: Yohanan, Hananya,
Zabai lan Altai. 29 Saka bani Bani: Mesulam,
Malukh, Adaya, Yasub, Seal lan Yeremot.
30 Saka bani Pahat-Moab: Adna lan Khelal,
Benaya, Maaseya, Matania, Bezaleel, Binui lan

Manasye. 31 Saka bani Harim: Eliezer, Yisia,
Malkia, Semaya, Simeon, 32 Benyamin, Malukh
lan Semarya. 33 Saka bani Hasum: Matnai,
Matata, Zabad, Elifelet, Yeremai, Manasye lan
Simei. 34 Saka bani Bani: Maadai, Amram,
Uel, 35 Benaya, Bedeya, Kheluhu, 36 Wanya,
Meremot, Elyasib, 37 Matanya, Matnai lan
Yaasai. 38 Saka bani Binui: Simei, 39 Selemya,
Natan, Adaya, 40 Makhnadbai, Sasai, Sarai,
41 Azareel, Selemya, Semarya, 42 Salum,
Amarya lan Yusuf. 43 Saka bani Nebo: Yeiel,
Matica, Zabad, Zebina, Yadai, Yoel lan Benaya.
44 Iku kabeh wus padha sesomahan karo
wong wadon liyan bangsa; rabine iku padha
ditundhung saanak-anake.

NEHEMYA

Pandongane Sang Nehemya tumrap wong Israel

1:1-11

1 [1] Riwayate Sang Nehemya bin Hakhalya.
Nalika panuju sasi Kislew, ing taun
kang kaping rong puluh, nalika aku ana ing
kadhaton Susan, [2] Hanani salah sawijine
sadulurku nuli teka karo wong sawatara
saka ing tanah Yehuda, banjur padha
daktakoni bab kaanane wong Yahudi, yaiku
kang ora padha katut katawan, kang bisa
sumingkir saka ing panawaning mungsuh
sarta kaanane Yerusalem. [3] Tembunge marang
aku: "Tiyang-tiyang ingkang taksih manggen
wonten ing ngriku lan boten katut katawan
punika sami sanget ngrekaos gesangipun sarta
dados cacadan. Balowartinipun Yerusalem
sampun kabibrah tuwin gapuranipun sampun
sami kabesmi."

[4] Bareng aku krungu pawarta mangkono
iku, aku tumuli lungguh sarta nangis lan
susah atiku nganti sawatara dina, karodene
aku puwasa lan ndedongan ana ing ngarsane
Gusti Allahe saindenging langit. [5] Unjukku:
"Dhuh Sang Yehuwah, Gusti Allahipun
saindenging langit, Paduka punika Gusti
Allah ingkang Mahaagung sarta nggegirisi,

ingkang ngantepi ing prasetyan saha ing
sih-kadarmanipun tumrap ing tetiyang
ingkang sami nresnani Panjenenganipun
sarta netepi ing pepakenipun, 6 mugi talingan
Paduka tumilinga saha paningal Paduka
mugi nguninganana, supados miyarsakaken
ing pandonganipun abdi Paduka, ingkang
kawula unjukaken wonten ing ngarsa Paduka
rinten lan dalu kangge para kawula Paduka,
tiyang Israel, kalayan ngakeni dosa, ingkang
sampun sami kawula lampahi dhumateng
Paduka. Ugi kawula dalah kulawarga kawula
inggih sampun sami damel dosa. 7 Kawula
sami sampun kalepatan sanget dhumateng
Paduka sarta sami boten netepi ing pepaken,
pranatan tuwin tatanan ingkang sampun
Paduka dhawuhaken dhateng abdi Paduka
Musa. 8 Paduka mugi ngengetana ing sabda
Paduka ingkang sampun Paduka dhawuhaken
dhumateng abdi Paduka Musa wau, inggih
punika: “Manawa sira padha laku nasar,
sira bakal padha Sunsebar ana ing antarane
para bangsa. 9 Nanging manawa padha
mratobat marang Ingsun sarta netepi lan
nglakoni ing pepakeningSun, sanadyan wong
panunggalanira iku padha anaa ing poncoting
langit, mesthi padha Sunklumpukake saka ing
kono lan Sungawa menyang ing panggonan
kang wus Sunpiji kanggo padununganing
asmaningSun. 10 Punika rak sami dados para
kawula Paduka, inggih umat Paduka ingkang
sampun Paduka luwari srana kasekten Paduka
ingkang ageng saha asta Paduka ingkang rosa.

[11] Dhuh Gusti Allah, talingan Paduka mugi
nilingna dhateng pandonganipun abdi Paduka
saha pandonganipun para kawula Paduka
ingkang kanthi eklasing manah ngabekti
dhateng asma Paduka, saha abdi Paduka mugi
Paduka angsalna damel ing dinten punika saha
manggiha sihpiwelasipun tiyang punika."
Ing wektu samana aku dadi juru
pangunjukane Sang Prabu.

Sang Nehemya kautus menyang Yerusalem

2:1-10

2 [1] Ing sasi Nisan, ing taun kang kaping
rong puluhe paprentahane Sang Prabu
Artahsasta, nalika aku nindakake kawajibanku
nyawisake anggur, aku njupuk anggur
daksaosake marang Sang Nata. Sarehne aku
katon sedhih, kang pancen durung tau kelakon
ana ing ngarsane Sang Prabu, [2] Sang Prabu
banjur ndangu marang aku: "Yagene sira kok
katon sedhih, sanadyan sira ora lara. Sira
mesthi nandhang prihatin." Dadine banget
anggonku banjur wedi. [3] Unjukku marang
Sang Prabu: "Sang Nata mugi sugenga ing
salaminipun! Kadospundi anggen kawula boten
sedhih, manawi kitha, pakuburanipun para
leluhur kawula punika dados gempuran saha
gapuranipun sami kabesmi?" [4] Pangandikane
Sang Prabu marang aku: "Yen mangkono
apa kang dadi panyuwunira?" Ing kono aku
ndedonga marang Gusti Allahe saindenging

langit, 5 sarta banjur munjuk marang Sang
Prabu: “Manawi ndadosaken keparenging
karsa dalem, dhuh Sang Prabu, saha manawi
abdi dalem manggih sih wonten ing ngarsa
dalem, mugi karsaa ngutus kawula dhateng
tanah Yehuda, dhateng kitha pakuburanipun
para leluhur kawula, kalilana punika kawula
bangun malih.” 6 Ing kono pangandikane
Sang Prabu marang aku, -- nalika iku Sang
Prameswari lenggah ana ing sandhing dalem
--: “Anggonira lelungan iku bakal sapira
suwene lan besuk apa anggonira bakal bali?”
Lan Sang Prabu banjur karsa ngutus aku,
sawuse aku matur bab wektune marang
panjenengane. 7 Aku nuli munjuk maneh
marang Sang Prabu: “Manawi Sang Prabu
manggalih prayogi, kawula mugi panjenengan
dalem paringi serat-serat dhumateng para
bupati ing sabranging benawi Efrat, supados
sami nglilani lampahipun dalem ngantos
dumugi ing tanah Yehuda. 8 Punapa dene
serat dhateng Asaf, ingkang rumeksa
kagungan dalem wana, supados nyukani
kajeng dhateng kawula kangge dlurunging
gapura-gapuraning betengipun Padaleman
Suci, kangge balowartinipun kitha tuwin
kangge griya ingkang badhe kawula enggeni.”
Sang Prabu nuli iya njurungi panyuwunku,
amarga astane Allahku kang mahamirah
ngayomi aku.
9 Mangkono aku dadine nemoni para
bupati ing sabranging bengawan Efrat sarta
serate Sang Prabu daktampakake. Anadene

mangkatku iku, awit saka dhawuhe Sang
Nata, nganggo diiringake dening para
panggedhening perang, kanthi bala jaranan
sawatara. [10] Bareng Sanbalat, wong ing Horon
lan Tobia, wong Amon, kang dadi abdi, padha
krungu bab iku, temah banget anyele atine,
amarga ana wong teka kang arep gawe
raharjane wong Israel.

Tekad sumedya mbangun balowartining Yerusalem

2:11-20

[11] Kacarita aku wus tekan ing Yerusalem.
Sawuse telung dina ana ing kono, [12] ing wayah
bengi aku tangi karo wong sawatara kang
melu aku. Ora ana kang dakkandhani, apa
kang diosikake ana ing atiku dening Gusti
Allahku tumrap kang bakal daktindakake
ana ing Yerusalem, sanadyan kewan iya ora
ana kang melu aku kejaba mung kewan
kang daktunggangi bae. [13] Aku banjur metu
ing wayah bengi, ngliwati gapura Lebak,
ngener ing sendhang Ula Naga lan ing
gapura Pawuhan, sarta niti-priksa balowartine
Yerusalem kang padha mobrak-mabrik lan
gapurane kang padha kaobong nganti entek.
[14] Aku tumuli mbacutake lakuku menyang
ing gapura Sendhang lan blumbang Ratu.
Sarehne kewan kang daktunggangi ora bisa
liwat ing kono, [15] aku banjur mlaku munggah
metu ing kali asat ing wayah bengi kalawan
niti-priksa balowartine kalawan tliti. Aku

banjur bali lan lumebu metu ing gapura
Lebak. Mangkono dadine aku nuli mulih.
16 Anadene para panggedhe ora sumurup
aku mentas menyang ngendi lan apa kang
wus daktindakake, amarga nganti tumeka
saprene aku durung kandha apa-apa marang
wong Yahudi, dadia marang para imam utawa
marang para panggedhe; dadia marang para
kang ngasta pangwasa utawa wong liyane
kang kaampilan ayahan.
17 Ing kono wong-wong iku banjur padha
dakkandhani: “Panjenengan sami nguningani
ing kasrakatan ingkang kita alami punika,
inggih punika bilih Yerusalem dados gempuran
lan gapuranipun kabesmi. Milanipun sumangga
sami mbangun balowartinipun Yerusalem,
supados kita sampun ngantos kalajeng-lajeng
dados cacadan malih.”
18 Nalika padha
dakkandhani kaya apa anggonku wus diayomi
dening Gusti Allahku kang mahamirah, sarta
apa kang dadi pangandikane Sang Prabu
marang aku, ing kono pangucape: “Inggih
sumangga sami tumandang mbangun!” Lan
kanthi ngetog kakuwatan anggone padha
nglakoni pagawean kang becik iku.
19 Nanging
bareng Sanbalat wong ing Horon lan Tobia,
wong Amon, kang dadi abdi sarta Gesyem,
wong Arab, padha krungu wartane iku, nuli
padha moyoki lan ngremehake, pangucape:
“Punapa ta kang sami panjenengan tandangi
punika? Punapa panjenengan sami sumedya
mbalela dhateng Sang Prabu?”
20 Aku
mangsuli marang wong-wong iku, tembungku:

“Gusti Allahipun saindenging langit, inggih Panjenenganipun punika ingkang murugaken kula sami saged ngrampungaken padamelan kula, kula para abdinipun sampun sami samekta mbangun. Nanging panjenengan sami boten kagungan panduman utawi wewenang lan boten badhe dipun engeti wonten ing Yerusalem!”

Para kang padha mbiyantu mbangun

3:1-32

3 [1] Imam Agung Elyasib nuli tumandang
ing gawe kanthi sadherek-sadhereke
para imam, padha mbangun gapura Wedhus
Gembel, disucekake sarta ditrapi inebe;
anggone nucekake nganti tutug ing menara
Mea lan menara Hananeel. [2] Ing sandhinge
iku kang padha mbangun wong ing Yerikho,
lan ing sandhinge maneh kang mbangun
Zakur bin Imri. [3] Gapura Iwak kabangun
dening bani Senaa, dietrapi dlurung-dlurung,
ineb, kancingan lan slarak. [4] Ing sandhinge
iku kang mbangun Meremot bin Uria bin
Hakos, lan ing sandhinge iku kang mbangun
Mesulam, bin Berekhya bin Mesezabeel, dene
ing sandhinge iku kang mbangun Zadhok,
bin Baana, [5] lan ing sandhinge maneh kang
mbangun wong-wong ing Tekoa. Naning
para pangarepe padha ora gelem nyangkul
pagaweane bendarane. [6] Gapura Lawas iku
kabangun dening Yoyadha bin Paseah lan
Mesulam bin Besoja, dietrapi dlurung-dlurung,

ineb, kancingan tuwin slarak. 7 Ing sandhinge
iku kang padha mbangun Melaca wong ing
Gibeon lan Yadon wong ing Meronot, karo
wong ing Gibeon lan ing Mizpa, kang ana ing
wilayahe bupati ing sabrange bengawan Efrat.
8 Ing sandhinge iku kang mbangun Uziel bin
Harhaya, sawijining kemasan. Ing sandhinge
maneh kang mbangun Hananya, tukang lenga
jebad, anggone mbangun Yerusalem iku nganti
tutug ing balowarti Amba. 9 Ing sandhinge
maneh kang mbangun Sang Refaya, bin Hur,
kang ngasta pangwasa separoning wewengkon
Yerusalem. 10 Ing sandhinge maneh kang
mbangun Yedaya bin Harumaf ana ing
ngarepe omahe dhewe. Lan ing sandhinge
maneh kang mbangun Hatus bin Hasabneya.
11 Saduman maneh dibangun dening Malkia,
bin Harim lan Hasub bin Pahat-Moab uga
menara Prapen. 12 Ing sandhinge iku kang
mbangun Sang Salum, bin Halohesy, kang
ngasta pangwasa ing separoning wewengkon
Yerusalem, dalah putra-putrane putri.
13 Gapura Lebak kabangun dening Hanun lan
wong ing Zanoah. Anggone padha mbangun
nganggo dietrapi ineb karo kancingan lan
slarak, karo maneh padha ndandani balowarti
sewu asta nganti tutug ing gapura Pawuhan.
14 Gapura Pawuhan iku didandani dening Sang
Malkia, bin Rekhab, kang ngasta pangwaos
ing wewengkon ing Bet-Kerem. Anggone
mbangun nganggo dietrapi ineb, kancingan
lan slarak. 15 Gapura Sendhang iku dibangun
dening Sang Salum bin Kolhoze, kang ngasta

pangwaos ing wewengkon ing Mizpa. Anggone
mbangun nganggo dipayoni sarta dietrapi ineb,
kancingan lan slarak. Kajaba iku uga ndandani
temboke blumbang tadhah banyu ilen-ilen,
kang anjog ing sacedhake patamanan kraton,
nganti tutug ing undhak-undhakan kang
mudhun saka ing kuthane Sang Prabu Dawud.
16 Kajaba iku kang uga mbangun Sang
Nehemya, bin Azbuk, kang ngasta pangwaos
ing separoning wewengkon ing Bet-Zur, nganti
tutug ing pasareane Sang Prabu Dawud
lan tutug ing blumbang yasan, sarta ing
daleme para prawira. 17 Kajaba iku kang
padha mbangun wong Lewi, yaiku Rehum bin
Bani lan ing sandhinge iku kang mbangun
Sang Hasabya, kang ngasta pangwaos ing
separoning wewengkon ing Kehila, kanggo
wewengkone dhewe. 18 Kajaba iku kang
mbangun para sadulure, yaiku Sang Benui,
bin Henabad, kang ngasta pangwaos ing
wewengkon separone Kehila. 19 Ing sandhinge
iku kang mbangun saduman maneh Sang
Ezer, bin Yesua, kang ngasta pangwaos ing
Mizpa, ana ing ngarepe unggah-unggahan
menyang ing gedhong praboting perang,
ing sacedhake Pojok. 20 Kajaba iku kang
mbangun saduman maneh Barukh, bin Zabai,
wiwit ing Pojok tutug ing kori daleme Imam
Agung Elyasib. 21 Kajaba iku kang mbangun
saduman maneh Meremot, bin Uria bin Hakos,
wiwit ing kori daleme Imam Agung Elyasib
tutug ing poncoting daleme. 22 Kajaba iku
kang mbangun para imam, wong-wong saka

ing Lebak Yarden. 23 Sawuse iku wong kang
padha mbangun Benyamin lan Hasub ana ing
ngarepe omahe. Sawuse iku kang mbangun
Azarya, bin Maaseya, bin Ananya sandhing
omahe. 24 Sawuse iku kang mbangun saduman
maneh Binui, bin Henadad saka omahe Azarya
mau tutug ing Pojok lan tumeka ing Poncot.
25 Palal bin Uzai iku mbangun ana ing ngarepe
Pojok lan ing ngareping menara kang dhuwur
lan munggul saka kadhatone Sang Prabu,
cedhak ing platarane pajagan. Ing sandhinge
kang mbangun Pedaya, bin Paros 26 nganti
tutug ing ngarepe gapura Banyu, ing sisih
wetan, lan ing ngarepe menara kang munggul.
Dene para abdi ing Padaleman Suci padha
manggon ana ing Ofel. 27 Kajaba Pedaya kang
padha mbangun saduman maneh wong ing
Tekoa, wiwit ing ngarepe menara gedhe kang
munggul mau nganti tutug ing balowartine
Ofel. 28 Wiwit ing gapura Jaran kang padha
mbangun iku para imam, siji-sijine ana ing
ngareping omahe dhewe. 29 Sawuse iku kang
mbangun Zadhok, bin Imer, ana ing ngareping
omahe. Ing sandhinge kang tumindak ing
gawe Semaya, bin Sekhanya, kang dadi
jaga-gapura Wetan. 30 Ing sandhinge kang
mbangun saduman maneh Hananya bin
Selemya lan Hanun anake Zalaf kang kanem.
Ing sandhinge kang mbangun Mesulam,
bin Berekhya ana ing ngarepe kamare.
31 Ing sandhinge iku kang mbangun Malkia,
sawijining kemasan, nganti tutug ing omahe
para abdi ing Padalemane Gusti Allah lan para

sudagar, ing ngarepe gapura Pendhaftaran
lan tutug ing kamar panggungan ing pojok.
32 Tumuli ing antarane gedhong panggungan
ing pojok mau lan gapura Wedhus Gembel
iku kang mbangun para kemasan lan para
sudagar.

Kawaspadan tumrap wong-wong kang ngalang-alangi pembangunan

4:1-23

4 1 Bareng Sanbalat oleh pawarta, yen aku
padha mbangun balowarti, banjur muntab
nepsune sarta banget lara atine apadene
memada marang wong Yahudi, 2 lan celathu
ana ing ngarepe para sadulure lan bala ing
Samaria: "Wong Yahudi kang apes iku padha
nggarap apa ta? Apa padha nyantosakake
apa ta apa? Apa padha arep ngaturake
pisungsung? Apa sadina bakal bisa rampung?
Apa watune bakal padha kena diuripake
maneh saka ing tumupukan jugrugan, kang
wis padha entek kobong iku?" 3 Tobia, wong
Amon kang ana ing sandhinge banjur ngucap:
"Sanadyan wus dibangun maneh, saupama
ana asu alasan mlumpat lan nyenggol, mesthi
njugrugake tembok watu iku."
4 Dhuh Allah kawula, mugi miyarsakna
kados punapa anggenipun sami ngremehaken
kawula. Pamadanipun mugi Paduka
tempahaken dhateng sirahipun piyambak
saha tiyangipun sami Paduka dadosna jarahan
wonten ing tanah pambucalan. 5 Kalepatanipun

mugi sampun Paduka tutupi, saha durakanipun
mugi sampun ngantos Paduka lebur wonten ing
ngarsa Paduka, amargi sami damel gerahing
panggalih Paduka, sarana tindak-tandukipun
tumrap para tiyang ingkang sami mbangun.
6 Nanging aku padha mbanjurake anggonku
padha mbangun balowartine kaadegake nganti
kemput, dhuwure wus oleh separo, amarga
wong akeh padha mempeng banget anggone
nyambutgawe.
7 Bareng Sanbalat lan Tobia sarta wong
Arab, wong Amon lan wong ing Asdod
padha oleh pawarta yen pembanguning
balowartining Yerusalem iku tumindak rancag
lan kang bedhah wiwit rapet, temah padha
muntab nepsune. 8 Kabeh nuli saiyeg bakal
nempuh perang marang Yerusalem sarta
gawe rerusuh ana ing kono. 9 Nanging aku
banjur padha ndedonga marang Gusti Allah,
rina wengi padha mapanake pejagan, kanggo
nanggulangi wong-wong iku, marga saka
tangkepe kang mangkono iku.
10 Pangucape wong Yahudi: “Kakuwatane para
wong kang mikul wis meh entek, lan jugrugane
isih akeh banget. Aku padha ora keconggah
mbacutake anggonku padha mbangun
balowarti iki.” 11 Nanging para mungsuhku
padha mikir: “Kana ora bakal padha sumurup
lan ora bakal padha weruh apa-apa, nganti aku
padha teka ana ing tengahe lan padha mateni
wong-wong iku, sarta nglereni pagaweane.”
12 Bareng wong-wong Yahudi kang padha
manggon ing sacedhake wus nganti ambal

ping sapuluh anggone ngelingake marang
aku: “Tiyang-tiyang punika badhe sami
nempuh kita saking sakathahing papan
padunungan ipun”, [13] aku banjur mapanake
rakyat manut gotrah kulawangsane kalawan
asikep pedhang, tumbak lan panah ana
ing ledhokan ing saburine balowarti ing
papan-papan kang lempar. [14] Sawuse kabeh
dakulatake, aku tumuli ngadeg mituturi
marang para pemimpin lan para panggedhe
tuwin wong akeh liyane: “Sampun sami ajrih
dhateng tiyang-tiyang punika, sami engeta
dhateng Gusti Allah ingkang mahaagung lan
nggegirisi sarta sami nglampahana perang
nglabuhi sadherek-sadherek panjenengan,
para putra panjenengan jaler estri, garwa
panjenengan lan pemahan panjenengan.”
[15] Bareng mungsuhku padha krungu, yen
rancangane iku wus daksumurupi, lan wus
diwurungake dening Gusti Allah aku banjur
padha mbaleni balowarti maneh, siji-sijine
menyang panggonane dhewe-dhewe.
[16] Wiwit ing dina iku sabanjure balaku
saperangan padha nglakoni pagawean, lan
saperangan padha sikep tumbak, tameng
tuwin panah, sarta nganggo klambi kere,
dene para panggedhe ana ing samburining
golongane wong Yehuda, [17] kang padha
nggarap balowarti. Wong kang memikul lan
usung-usung anggone padha tumindak ing
gawe, tangane kang siji nyambutgawe, dene
sijine nyekel gegaman. [18] Saben wong kang
mbangun iku siji-sijine klawan njengkelit

pedhang ing lambunge sarta kang ngunekake
kalasangka ngadeg ana ing sandhingku.
19 Dene welingku marang para pemimpin lan
para panggedhe tuwin wong akeh liyane:
“Padamelan punika rowa lan wiyar tebanipun,
dene kita sami pating prenca wonten ing
balowarti, ingkang satunggal tebih kaliyan
satunggalipun. 20 Manawi mireng swaraning
kalasangka, nunten sami nglempaka murugi
kula. Gusti Allah kita ingkang badhe nyarirani
perang kita!”
21 Kaya mangkono anggonku padha nglakoni
pagawean, dene saparone wong padha nyekel
tumbak wiwit wetuning bang-bang wetan
nganti tumeka jumedhuling lintang-lintang.
22 Ing nalika iku aku uga prentah marang
rakyat: “Wong kabeh padha nginepa ana
ing Yerusalem kene, karo balane, supaya
ing wayah bengi padha nganakake pajagan
kanggo aku kabeh, lan ing wayah awan
padha nyambut gawe.” 23 Mangkono kaananku
dhewe, sadulur-sadulurku, dalah balaku lan
wong jaga kang padha melu aku, aku kabeh
ora kober salin sandhangan. Siji-sijine nyekel
gegaman ing tangane tengen.

Pasambate para wong Yahudi digatosake Sang Nehemya

5:1-13

5 1 Nuli ana pangresulane rakyat kang
banget dalah wonge wadon marang para
sadulure, wong Yahudi. 2 Ana kang matur

kalawan swara sora: “Anak kula jaler lan estri
kathah, kula sami betah gandum, supados
kula sami saged nedha lan gesang.” 3 Lan
ana maneh kang matur: “Kula sami kapeksa
nggantosaken pasiten saha pakebonan anggur
sarta griya kula, supados sageda sami angsal
gandum ing mangsa paceklik punika.” 4 Ana
uga kang matur: “Kula sampun sami nyambut
arta kangge mbayar paos ingkang dipun
tetepaken dening Sang Nata tumrap pasiten
saha pakebonan anggur kula. 5 Lah, sanadyan
kula punika tunggil kulit daging kaliyan para
sadherek sabangsa, lan anak-anak kula
sami kaliyan anak-anakipun, ewadene kula
kapeksa kendel kemawon para anak kula
jaler lan estri sami dados abdi, malah anak
kula estri wonten sawatawis ingkang kapeksa
dados darbekipun tiyang. Kula sami boten
saged tumindak punapa-punapa, amargi
pasiten saha pakebonan anggur kula sampun
dhumawah ing tanganipun tiyang sanes.”
6 Bareng aku krungu pangresulane wong-
wong mau lan pawarta kang mangkono
iku, aku banjur nepsu banget. 7 Sawise
daktimbang-timbang sajroning atiku, aku
tumuli nggugat marang para pemimpin lan
para panggedhe kang nyekel pangwasa.
Kandhaku marang wong-wong iku:
“Panjenengan kok sami mendhet bathi
langkung saking samesthinipun saking
sadherek-sadherek panjenengan!” Aku banjur
nganakake parepatan gedhe kang daktujokake
marang wong-wong iku. 8 Pangucapku marang

wong-wong mau: “Kula sadaya sasaged-saged
tansah mbudidaya nebusi para sadherek
kula tiyang Yahudi ingkang sampun sami
kasade dhateng tiyang bangsa sanes. Nanging
sapunika panjenengan kok malah sami
nyade sadherek-sadherek panjenengan,
supados sami kula tumbas malih!” Ing kono
wong-wong mau padha meneng bae, marga
ora bisa mangsuli apa-apa. 9 Aku nyambungi
maneh: “Prakawis ingkang sami panjenengan
tindakaken punika boten pantes! Panjenengan
rak sami kawajiban tumindak klayan ajrih-asih
dhumateng Gusti Allah kita, supados sampun
ngantos dados cacadan tumrap bangsa-bangsa
sanes, mengsah kita? 10 Ugi kula saha para
sadherek kula lan andhahan kula sami
nyambutaken arta kanthi sareman punapa
dene gandum dhateng tiyang-tiyang punika.
Sambutanipun punika prayogi kita lilakaken
kemawon. 11 Sumangga ing dinten punika
ugi panjenengan wangsulaken pasitenipun,
pakebonanipun anggur kaliyan pakebonanipun
jaitun punapa dene griyanipun dhateng
ingkang gadhah, ugi sambutanipun kaicalna,
inggih punika arta saha gandum, anggur
kaliyan lisahipun ingkang sampun panjenengan
sambutaken dhateng piyambakipun.” 12 Ing
kono pangucape wong-wong mau: “Inggih
badhe kula wangsulaken, sarta tiyangipun
boten badhe kula tagih punapa-punapa.
Punapa pangandika panjenengan punika
badhe kula lampahi.” Aku banjur nekakake
para imam sarta wong mau padha dakkon

ngucapake sumpah, yen bakal nglakoni
ing kasaguhane iku. 13 Karodene aku iya
ngebutake lempitaning jubahku klawan
pangucap: "Kayaa mangkene anggone Gusti
Allah bakal ngipatake saben wong kang ora
netepi ing kasaguhane iku, dikipatake saka
ing omahe lan saka ing wohing kangelane.
Mangkono anggone kakipatake lan dadi
kopong." Wong sapasamuwan kabeh tumuli
padha muni: "Amin," banjur padha memuji
marang Sang Yehuwah. Rakyat banjur padha
netepi ing kasaguhane mau.

Sikepe Sang Nehemya kang ora golek kauntungan

5:14-19

14 Malah uga wiwit aku winisudha dadi
bupati ana ing tanah Yehuda, yaiku wiwit ing
taun kang kaping rong puluh nganti tekan
ing taun kang kaping telung puluh loro ing
paprentahane Sang Prabu Artahsasta, dadi
rolas taun lawase, aku karo para sadulurku
padha ora tau njupuk panduman, kang
dadi wewenange bupati. 15 Nanging para
bupati sadurunge aku iku padha ngebot-eboti
sesanggane rakyat. Para bupati iku padha
mundhuti kanggo roti lan anggur sadinane
patang puluh sekel salaka; malah para
andhahane padha meres rakyat. Nanging
aku ora tumindak mangkono, amarga wedi
marang Gusti Allah. 16 Sarta maneh aku iya
miwiti nglakoni pagawean mbangun balowarti

iki, sanadyan aku padha ora oleh pategalan.
Lan sakehing andhahanku padha dakkerigake
mrana mligi kagawe nandangi pagawean iku.
[17] Wong Yahudi lan para panggedhe, kehe
wong satus seket, kang kembul mangan ing
mejaku, iku kajaba wong kang padha nekani
aku saka ing antarane bangsa-bangsa kang
ana ing sakiwa-tengenku. [18] Mungguh kang
disadhiyakake ing sadina-dinane kang dadi
tanggunganku yaiku: sapi siji lan wedhus
pilihan nenem karo sato iwen sawatara; kajaba
iku saben sapuluh dina anggur warna-warna
nganti turah-turah. Ewadene aku ora njaluk
panduman wewenanging bupati, amarga
ayahan sesanggane rakyat wus abot. [19] Dhuh
Allah kawula, supados kawula ngraosaken
karaharjan, Paduka mugi karsaa ngengeti
sakathahing pandamel kawula kangge bangsa
punika!

Pambanguning balowarti karampungake

Pambudidaya nyedani Sang Nehemya

6:1-19

6 [1] Bareng Sanbalat lan Tobia sarta Gesyem,
wong Arab, apadene mungsuh kita
liyane padha krungu, yen wus rampung
anggonku mbangun balowarti lan wus ora
ana kang bolong maneh, sanadyan ing
wektu semana gapurane durung dietrapi
ineb, [2] ing kono Sanbalat lan Gesyem mau
banjur kongkonan ngajak marang aku:

“Sumangga sami pepanggihan wonten
ing kitha Kefirim ing lebak Ono!” Nanging
wong-wong iku lugune sumedya gawe
cilakaku. 3 Aku tumuli kongkonan nggawa
wangsulan marang wong-wong mau: “Kula
saweg nglampahi padamelan ingkang ageng,
kula boten saged dhateng! Punapa prelunipun
ngendeli padamelan punika, margi kula tilar
manggihi panjenengan?” 4 Nganti rambah
kaping pat anggone kongkonan marani aku
kanthi patrap mangkono iku lan anggonku
mangsuli patrape uga kaya mangkono. 5 Ing
kono Sanbalat nuli kongkonan marang aku
ping limane, carane iya kaya mangkono
maneh, kang dikongkon andhahane, nggawa
layang kang ora tutupan. 6 Dene layang iku
surasane mangkene: “Ing antawisipun para
bangsa wonten kabar sruwang-sruwing, lan
Gasymu inggih ngleresaken, inggih punika
bilih panjenengan kaliyan tiyang Yahudi sami
sumedya mbalela, pramila sami mbangun
balowarti. Punapa malih miturut wartos punika
panjenengan ngangkah badhe jumeneng
dados ratunipun. 7 Malah panjenengan sampun
matah para nabi supados sami ngundhangaken
bab penjenengan wonten ing Yerusalem,
makaten: Wonten ratu ingkang madeg ing
Yerusalem. Lah pawartos ingkang kados
makaten punika badhe kapiarsa dening Sang
Prabu. Pramila, sumangga, sami pepanggihan
pirembangan!” 8 Nanging aku banjur
kongkonan mangsuli: “Samukawis ingkang
panjenengan ngandikakaken punika sadaya

boten nate wonten. Punika namung ujar
pagorohan.” 9 Amarga wong iku kabeh mung
padha memedeni aku, gagasane: “Wong iku
bakal padha nglirwakake pagaweane, temah
mesthi ora bakal bisa rampung.” Nanging aku
malah mbudidaya sakatog-katoge.
10 Nalika aku mara menyang ing omahe
Semaya, bin Delaya, bin Mehetabeel, --
amarga dheweke kepalang nekani, --,
kandhane: “Sumangga sami lumebet ing
padalemanipun Gusti Allah, ing salebetipun
Padaleman Suci saha sami ngancing korinipun,
amargi wonten tiyang ingkang sami dhateng
badhe nyedani panjenengan, malah ing wanci
dalu punika anggenipun sami badhe nyedani
panjenengan.” 11 Nanging wangsulanku:
“Wong kaya aku iki apa iya arep mlayu?
Endi ana wong pepadhaku kang bisa lumebu
ing Padaleman Suci banjur isih lestari urip?
Aku ora mangkat!” 12 Amarga aku ngreti,
manawa wong iku ora diutus dening Gusti
Allah. Dheweke anggone medharake wangsit
tumrap ing aku iku amarga dibeseli dening
Tobia lan Sanbalat. 13 Tumrap prakara iki
anggone dheweke dibeseli, supaya aku
wedia lan nglakonana kaya mangkono iku,
temah aku tumiba ing dosa. Kanthi patrap
mangkono anaa kang kanggo dadakan
ngala-ala jenengku, temah banjur bisa nacad
aku. 14 Dhuh Allah kawula, Paduka mugi
ngengetana ing sapandamelipun Tobia kaliyan
Sanbalat. Makaten ugi dhateng pratingkahipun

nabi estri Noaja saha para nabi sanesipun,
ingkang sami badhe ngajrih-ajrihi kawula.
15 Kacarita balowartine wus rampung, yaiku
nalika sasi Elul, tanggal ping salawe, dadi ing
sajroning seket loro dina. 16 Bareng sakehing
mungsuhku padha krungu wartane, sakehing
bangsa ing sakubengku padha wedi, amarga
padha kaweleh lan ngreti, yen pagawean iku
katindakake kalawan pitulungane Gusti Allah.
17 Nalika semana para pemimpin Yehuda
padha ngirimake layang akeh marang Tobia
lan iya padha tampa wangsulane, 18 amarga
akeh wong ing Yehuda kang padha katalenan
sumpah karo Tobia, jer dheweke iku kaprenah
mantune Sekhanya, bin Arah, sarta anake
Tobia kang aran Yohanan, iku ngrabeni
anake Mesulam, bin Berekhya. 19 Kajaba
iku wong-wong mau iya padha nyaritakake
kabecikane Tobia ana ing ngarepku, sarta
kabeh kandhaku dipratelakake marang
dheweke. Tobia uga ngirimi layang marang
aku kagawe meden-medeni aku.

Rekadaya kanggo ngayomi kutha

7:1-3

7 1 Bareng balowartine wus rampung, aku
banjur masang lawang-lawange. Sawuse
iku banjur ngangkat jaga-gapura, pasindhen
lan para wong Lewi. 2 Kawajiban ngawat-awati
Yerusalem dakpasrahake marang sadulurku
Hanani lan Hananya, panggedhening beteng,
amarga Hananya iku wong kang kena

dipracaya lan wedi marang Gusti Allah
ngungkuli wong-wong liyane. 3 Aku banjur
kandha marang wong-wong iku: “Gapura-
gapura Yerusalem aja nganti diwengakake
sadurunge srengenge panas sumelet, lan
lawang-lawange kudu diinebake sarta padha
kaslarakna ing sajrone wong isih padha
nyambutgawe ana ing panggonane. Apadene
padha mataha wong jaga panunggalane wong
ing Yerusalem, siji-sijine anaa ing papan
pajagan lan ing ngareping omahe.”

Pratelan bab wong-wong kang bali saka ing pambuwangan

7:4-73

4 Anadene kutha iku gedhe lan jembar,
nanging wong kang manggon ing kono mung
sathithik, lan omah-omah durung nganti
padha dibangun. 5 Gusti Allahku tumuli
ngosikake atiku supaya aku nglumpukake para
pemimpin lan para panggedhe kang padha
nyekel pangwasa lan rakyat, supaya padha
kacathetana ing sarasilah. Aku banjur nemu
layang sarasilahe wong kang wus luwih dhisik
anggone mulih. Ing sajroning cathetan iku
tinemu pratelan kaya ing ngisor iki:
6 Iki pratelane ing propinsi Yehuda kang padha
mangkat mulih saka ing pambuwangan, yaiku
para tawanan kang biyen padha diangkatake
dening Sang Prabu Nebukadnezar ratu ing
tanah Babil, nuli padha bali mulih menyang
ing Yerusalem lan ing Yehuda, sawiji-wijine

menyang ing kuthane dhewe-dhewe. [7] Tekane
iku padha kairid dening Sang Zerubabel,
Yesua, Nehemya, Azarya, Raamya, Nahamani,
Mordekhai, Bilsan, Misperet, Bigwai, Nehum
lan Baana.
Iki pratelane bab wong-wong bangsa Israel:
[8] bani Paros: rong ewu satus pitung puluh
loro; [9] bani Sefaca: telung atus pitung puluh
loro; [10] bani Arakh: nem atus seket loro;
[11] bani Pahat-Moab yaiku bani Yesua lan Yoab:
rong ewu wolung atus wolulas; [12] bani Elam:
sewu rong atus seket papat; [13] bani Zatu:
wolung atus patang puluh lima; [14] bani Zakai:
pitung atus sawidak; [15] bani Binui: nem atus
patang puluh wolu; [16] bani Bebai: nem atus
wolulikur; [17] bani Azgad: rong ewu telung atus
rolikur; [18] bani Adonikam: nem atus sawidak
pitu; [19] bani Bigwai: rong ewu sawidak pitu;
[20] bani Adin: nem atus seket lima; [21] bani
Ater, yaiku bani Hizkia: sangang puluh wolu;
[22] bani Hasum: telung atus wolu likur; [23] bani
Bezai: telung atus patlikur; [24] bani Harif: satus
rolas; [25] bani Gibeon: sangang puluh lima;
[26] wong ing Betlehem lan ing Netofa: satus
wolung puluh wolu; [27] wong Anatot: satus
wolulikur; [28] wong ing Bet-Asmawet: patang
puluh loro; [29] wong ing Kiryat-Yearim, ing
Kefira lan ing Beerot: pitung atus patang puluh
telu; [30] wong ing Rama lan ing Gaba: nem atus
selikur; [31] wong ing Mikhmas: satus rolikur;
[32] wong ing Betel lan ing Ai: satus telulikur;
[33] wong ing Nebo liyane: seket loro; [34] bani
Elam yaiku Elam liyane: sewu rong atus seket

papat; 35 bani Harim: telung atus rong puluh;
36 wong ing Yerikho: telung atus patang puluh
lima; 37 wong ing Lod, ing Hadid lan ing Ono:
pitung atus selikur; 38 bani Senaa: telung ewu
sangang atus telung puluh.

39 Iki para imam:

bani Yedaya, yaiku kulawangsa Yesua:
sangang atus pitung puluh telu; 40 bani Imer:
sewu seket loro; 41 bani Pasyhur: sewu rong
atus patang puluh pitu; 42 bani Harim: sewu
pitulas.

43 Iki para wong Lewi:

bani Yesua lan Kadmiel, lan bani Hodewa: pitung puluh papat.

44 Iki para pasindhen:

bani Asaf: satus patang puluh wolu.

45 Iki para jaga gapura:

bani Salum, bani Ater, bani Talmon, bani Akub, bani Hatita, bani Sobai: satus telung puluh wolu.

46 Iki para abdi ing padalemane Gusti Allah:
bani Ziha, bani Hasufa, bani Tabaot, 47 bani
Keros, bani Sia, bani Padon; 48 bani Lebana,
bani Hagaba, bani Salmai; 49 bani Hanan,
bani Gidel, bani Gahar; 50 bani Reaya, bani
Rezin, bani Nekoda; 51 bani Gazam, bani Uza,
bani Paseah; 52 bani Besai, bani Meunim,
bani Nefusim; 53 bani Bakbuk, bani Hakufa,
bani Harhur; 54 bani Bazlit, bani Mehida,
bani Harsa; 55 bani Barkos, bani Sisera, bani
Temah; 56 bani Nesiah, bani Hatifa.

57 Iki para turune abdine Sang Prabu Suleman:

bani Sotai, bani Soferet, bani Perida; [58] bani
Yaala, bani Darkon, bani Gidel; [59] bani Sefaca,
bani Hatil, bani Pokheret-Hazebaim, bani
Amon. [60] Sakehe abdi ing padalemaning Allah
lan turune para abdine Sang Prabu Suleman
iku gunggunge telung atus sangang puluh
loro.
[61] Iki wong kang padha mangkat mulih saka
ing Tel-Malah, Tel-Harsa, Kerub, Adon lan
ing Imer, nanging padha ora bisa nerangake
kulawangsane lan asal-usule, apa iya klebu
bangsa Israel: [62] bani Delaya, bani Tobia, bani
Nekoda, gunggung nem atus patang puluh
loro; [63] lan saka ing panunggalane para imam:
bani Habaya, bani Hakos, bani Barzilai. Barzilai
iku kang ngrabeni panunggalane anake
Barzilai, wong Gilead, banjur karan jenenge
kulawarga iku. [64] Iku padha niti-priksa, apa
jenenge padha kasebut ana ing sarasilah,
nanging ora tinemu, mulane banjur kaanggep
ora suci lan ora kena dadi imam. [65] Lan
tumrap wong-wong iku ditetepake dening
kepala dhaerah, manawa ora kena mangan
sesengkeran kang pinunjul, nganti ana imam
kang tumindak kanthi ngasta Urim lan Tumim.
[66] Sagolongane wong kabeh iku mau
gunggunge ana patang puluh loro ewu telung
atus sawidak; [67] iku kajaba abdine lanang
lan wadon, kang cacahe ana pitung ewu
telung atus telung puluh pitu. Ing antarane
ana pasindhene lanang lan wadon rong atus
patang puluh lima. [68] Jarane wong-wong mau
ana pitung atus telung puluh nenem, bihale

rong atus patang puluh lima, [69] untane patang
atus telung puluh lima, kuldine nem ewu
pitung atus rong puluh.
[70] Panunggalane para panggedhene
kulawangsa iku padha nguruni kanggo
wragading pagawean, dene kepala
dhaerah anggone asok kanggo pasadhiyan
waragad rupa mas sewu dirham, bokor
panyiraman seket iji lan klambi rangkepan
pangagemaning imam limang atus telung
puluh. [71] Sumbangane para panggedhening
kulawangsa kanggo pasadhiyan waragad
rupa mas rong puluh ewu dirham, salaka
rong ewu rong atus mina. [72] Anadene kang
disumbangake dening wong liyane rupa mas
rong puluh ewu dirham, salaka rong ewu mina,
lan klambi rangkepan pangagemaning imam
sawidak pitu.
[73] Anadene para imam, para wong bani Lewi
sarta para jaga-gapura apadene pasindhen,
tuwin uga saperangane rakyat, para abdi ing
padalemane Gusti Allah tuwin para wong Israel
liyane kabeh padha manggon ana ing kuthane
dhewe-dhewe.

Pamacane layang angger-angger

Riyaya Tarub Ron-ronan

7:73--8:18 (8:1-19)

(8-1) Nalika wus nyandhak sasi kapitu,
bareng wong Israel wus padha manggon ana

8 ing kuthane dhewe-dhewe, 1 (8-2) nuli wong
sabangsa kabeh padha sarujuk nglumpuk
ana ing plataran sangareping gapura Banyu.
Panyuwune marang Imam Ezra ahli kitab,
supaya mundhut kitabe Toret Nabi Musa, yaiku
kitab angger-angger kang wus kadhawuhake
Sang Yehuwah marang Israel. 2 (8-3) Ing
tanggal sapisan sasi kapitu Imam Ezra
banjur ngasta kitab Toret mau menyang ing
ngarepe pasamuwan, yaiku pakumpulane
wong lanang wadon tuwin sakehe wong
kang bisa nampani. 3 (8-4) Imam Ezra tumuli
maos perangan-perangan sawatara saka kitab
iku ana ing ngareping gapura Banyu, wiwit
wayah esuk tumeka wayah tengange, ana ing
ngarepe wong lanang lan wadon tuwin kang
bisa nampani. Wong kabeh padha nggatekake
marang pamacane kitab Toret iku. 4 (8-5)
Imam Ezra, ahli kitab iku, jumeneng ana ing
mimbar kayu, kang ginawe pancen kanggo
kapreluan iku. Kang ngadeg ana ing sisih
tengene: Matica, Sema, Anaya, Uria, Hilkia,
lan Maaseya, dene ing sisih kiwane: Pedaya,
Misael, Malkia, Hasum, Hasbadana, Zakhariya
lan Mesulam. 5 (8-6) Imam Ezra banjur mbikak
kitab mau, kadeleng dening wong saumat
kabeh, amarga anggone jumeneng ngungkuli
wong kabeh. Bareng karo pembukake kitab
mau wong sapasamuwan padha ngadeg
kabeh. 6 (8-7) Imam Ezra tumuli memuji
marang Sang Yehuwah, Gusti Allah kang
mahaagung, sarta wong kabeh padha sumaur:
“Amin! Amin!” kanthi ngulukake tangan.

Banjur padha jengkeng, sujud nyembah
marang Sang Yehuwah, raine konjem ing
lemah. 7 (8-8) Uga Yesua, Bani, Serebya,
Yamin, Akub, Sabetai, Hodia, Maaseya, Kelita,
Azarya, Yozabad, Hanan, Pelaya, para wong
Lewi, padha mulangake Toret iku marang
wong-wong mau, nalika padha ngadeg
ana ing panggonane dhewe-dhewe. 8 (8-9)
Perangan-perangane ing kitab iku, yaiku
Torete Gusti Allah, kawacakake kalawan cetha
lan diterangake, satemah wong-wong padha
ngreti surasane.
9 (8-10) Sang Nehemya yaiku kepala
dhaerah, karo Imam Ezra, ahli kitab sarta para
wong Lewi kang mulang marang wong-wong
mau, banjur padha ngandika marang wong
sabangsa kabeh: "Dina iki dadi sesengkerane
Sang Yehuwah, Gusti Allahmu. Kowe aja padha
prihatin, lan aja nangis." Amarga wong kabeh
padha nangis, nalika krungu surasane Toret.
10 (8-11) Tumuli padha didhawuhi mangkene:
"Wis muliha, mangana enak, ngombea
kang legi lan menehana berkat marang
para wong kang ora duwe apa-apa, awit
dina iki sesengkerane Gusti kita! Aja padha
prihatin, awitdene kabungahan peparinge
Sang Yehuwah iku kang dadi pangayomanmu."
11 (8-12) Mangkono uga para wong Lewi padha
ngarih-arih marang wong sabangsa kabeh
supaya meneng, tembunge: "Diayem awitdene
dina iki dina suci. Aja padha prihatin!" 12 (8-13)
Wong kabeh banjur padha mulih, sarta banjur
padha mangan lan ngombe, apadene padha

mbage pangan tuwin padha pista-pista,
awit wus padha mangreti pangandika kang
diterangake mau.
[13] (8-14) Ing dina kapindhone para
panggedhening kulawangsane sabangsa
kabeh apadene para imam lan para wong
Lewi padha nglumpuk ana ing ngarsane Imam
Ezra, ahli kitab, perlu ngrasak-ngrasakake
surasane Toret. [14] (8-15) Ing kono tinemu
ana tulisan kang kamot ing angger-angger
kang kaparingake dening Gusti Allah lumantar
Nabi Musa, yen ing dina riyaya sasi kapitu
Israel padha kakarsakake mondhok ing
tarub, [15] (8-16) sarta kadhawuhan nggiyarake
undhang-undhang marang sakehing
kutha-kutha tuwin ing Yerusalem, kang
surasane mangkene: "Padha menyanga ing
pagunungan, ameka godhong jaitun, godhong
wit lenga, godhong wit murad, godhong wit
kurma lang godhong wit kang ngrembuyung,
kagawe yasa tarub, netepi apa kang katulisan."
[16] (8-17) Wong-wong banjur padha lunga
amek godhong-godhong mau, sarta padha
gawe tarub, ana ing dhuwur payone omahe
dhewe-dhewe, ing pakaranganing omahe, uga
ing plataraning padalemane Gusti Allah, ing
alun-alun sangarepe gapura Banyu, lan ing
alun-alun ing sangarepe gapura Efraim. [17] (8-
18) Wong sapasamuwan kabeh yaiku wong
kang padha mulih saka ing pambuwangan,
padha gawe tarub, lan manggon ing kono.
Pancen wong Israel ora tau nglakoni kang
mengkono iku, wiwit jamane Sang Yusak, bin

Nun kongsi tumeka ing wektu mau. Nuli padha
nganakake pista gedhen-gedhen. [18] (8-19) Ing
sadina-dina padha diwacakake peranganing
kitab Torete Gusti Allah, wiwit dina kapisan
nganti dina wekasan. Anggone ngriyayakake
sajroing pitung dina, lan ing dina kang kaping
wolu padha nganakake parepatan agung,
nocogi apa kang wus kapranata.

Ngakoni dosa lan panyuwunan

9:1-37

9 [1] Ing tanggal patlikur sasi iku uga, wong
Israel padha nglumpuk lan puwasa
kalawan manganggo sandhangan prihatin
sarta sirahe kawur-wuran lemah. [2] Turune
wong Israel padha misah saka ing sarupaning
wong liya bangsa, tumuli padha ngadeg
kambi ngakoni dosane tuwin paneraking para
leluhure. [3] Nalika padha ngadeg iku, banjur
diwacakake perangan-peranganing kitab
Torete Sang Yehuwah, Gusti Allahe, saprapat
dina suwene, sarta seprapat dina maneh
padha ngakoni dosane, lan sumungkem
sujud nyembah marang Sang Yehuwah, Gusti
Allahe, [4] Yesua, Bani, Kadmiel, Sebanya, Buni,
Serebya, Bani lan Kenani, padha ngadeg
ana ing undhak-undhakane wong Lewi, sarta
padha sesambat marang Sang Yehuwah, Gusti
Allahe, kalawan swara sora. [5] Yesua, Kadmiel,
Bani, Hasabneya, Serebya, Hodiya, Sebanya,
lan Petahya, -- iku wong Lewi kabeh -- banjur
padha ngucap mangkene: “Padha ngadega

saosa puji marang Sang Yehuwah, Gusti
Allahmu, langgeng ing salawase! Dhuh Allah,
pinujia asma Paduka ingkang mulya, ingkang
kaluhuraken ngungkuli saliring pamuji kaliyan
pakurmatan!”
6 “Namung Paduka ingkang jumeneng
Sang Yehuwah! Paduka ingkang sampun
nitahaken langit, malah langiting sadaya langit
sabalatantranipun, saha bumi kaliyan sadaya
ingkang dumunung ing salumahipun, punapa
dene saganten saisen-isenipun sadaya. Punika
sadaya Paduka ingkang nggesangi, saha
balatantraning langit sami sujud nyembah
dhumateng Paduka. 7 Paduka punika Pangeran
Yehuwah, Gusti Allah ingkang sampun milih
Rama Abram, Paduka lampahaken saking Ur-
Kasdim, saha paduka paringi nama Abraham.
8 Paduka uningani, bilih manahipun setya tuhu
wonten ing ngarsa Paduka, sarta Paduka damel
prasetya kaliyan piyambakipun, bilih badhe
Paduka paringi tanahipun tiyang Kanaan,
tiyang Het, tiyang Amori, tiyang Peris, tiyang
Yebus, sarta tiyang Girgasi, kaparingaken
dhateng turunipun. Lan Paduka inggih netepi
pangandika Paduka, margi Paduka punika
asipat leres. 9 Paduka ngudaneni kesrakatipun
para leluhur kawula wonten ing tanah
Mesir, saha miyarsakaken pasambatipun
wonten ing pinggiripun seganten Teberau.
10 Paduka nindakaken pratandha kaliyan
kaelokan wonten ing ngarsanipun Prabu
Pringon sapunggawanipun sadaya, tuwin
rakyat ing nagarinipun, amargi Paduka mirsa,

anggenipun atindak gumunggung wonten ing
ngajengipun para leluhur wau. Margi saking
punika Paduka ndadosaken misuwuripun
asma Paduka; bab punika ugi kacihna ing
dinten punika. 11 Wonten ing ngajengipun para
leluhur wau, Paduka miyak seganten, temah
sami saged nyabrang, medal ing gasikan
wonten ing satengah-tengahing seganten
wau. Nanging ingkang sami mbujeng Paduka
cemplungaken ing teleng kados sela wonten
ing toya ingkang ngebat-ebati. 12 Ing wanci
siyang para leluhur wau sami Paduka irid
klayan tugu mega, ing wanci dalu klayan tugu
latu, kadamel madhangi margi ingkang dipun
langkungi. 13 Paduka tumedhak dhateng ing
redi Sinai sarta ndhawuhaken pangandika
dhateng para leluhur saking langit; Paduka
paringi pranatan-pranatan ingkang adil,
angger-angger ingkang leres saha katetepan-
katetepan tuwin dhawuh-dhawuh ingkang
utami. 14 Paduka ugi paring uninga bab Sabat
Paduka ingkang suci, punapa malih Paduka
paringi dhawuh-dhawuh, katetepan-katetepan
saha angger-angger Paduka lumantar abdi
Paduka Musa. 15 Kangge ngicali luwenipun
sami Paduka paringi roti ingkang saking
ing langit sarta kangge ngicali ngelakipun
Paduka angsalaken toya medal saking redi
parang. Punapadene Paduka dhawuhi nglebeti
lan ngejegi nagari ingkang sampun Paduka
janjekakaken kalayan supaos badhe Paduka
paringaken dhateng para leluhur kawula.

16 Nanging tiyang-tiyang wau, inggih
punika para leluhur kawula, sami tumindak
gumunggung saha sami ngakenaken
githokipun sarta boten mituhu dhateng
pepaken-pepaken Paduka. 17 Dene sami
lumuh mirengaken tuwin boten ngengeti
dhateng kaelokan ingkang Paduka tindakaken
wonten ing satengahipun; sami ngakenaken
githokipun, malah sami nekad badhe mangsuli
pangawulanipun wonten ing tanah Mesir.
Nanging Paduka punika Gusti Allah ingkang
sugih pangapunten, asihdarma tuwin ambek
welasan, sabar saha agung sihsusetyanipun.
Paduka boten karsa negakaken para leluhur
kawula wau. 18 Malah sanadyan sami damel
pedhet cor-coran tuwin sami ngucap: "Iki Gusti
Allahmu kang wus ngirid lakumu metu saka ing
tanah Mesir!", saha sami nindakaken kanisthan
ingkang ageng, 19 ewasamanten boten Paduka
tegakaken wonten ing ara-ara samun, margi
saking palimirma Paduka ingkang ageng.
Tugu mega boten kendhat-kendhat nuntun
lampahipun ing wanci siyang, makaten ugi
tugu latu tansah madhangi ing wanci dalu
wonten ing margi ingkang dipun langkungi.
20 Roh Paduka ingkang asihmirma inggih
Paduka paringaken, supados mulang. Punapa
malih boten nate Paduka endheg roti man
peparing Paduka dhateng cangkemipun, sarta
kadamel ngicalaken ngelakipun Paduka paringi
toya. 21 Kawandasa taun laminipun anggen
Paduka maringi panggesangan wonten ing
ara-ara samun. Sami boten nate kekirangan,

sandhanganipun boten luwas, sarta sukunipun
boten sami abuh. 22 Kajawi punika ugi Paduka
paringi karajan tuwin bangsa pinten-pinten,
lajeng dhaerahipun wau Paduka paringaken
dados dhaerah wates, amargi tanahipun
sami dipun ebroki: inggih punika tanahipun
Sihon, raja ing Hesbon, lan tanahipun Prabu
Og, raja ing Basan. 23 Turunipun Paduka
tangkar-tangkaraken, cacahipun kados
lintang ing langit, saha Paduka irid dhateng
ing tanah, ingkang Paduka dhawuhaken
dhateng para leluhuripun, supados dipun
lebeti saha dipun ejegi. 24 Turunipun wau
lajeng sami lumebet ing tanah punika sarta
dipun ejegi lan tiyang ingkang ngenggeni,
inggih punika tiyang-tiyang Kanaan sami
Paduka telukaken wonten ing ngajenganipun,
sami kaparingaken dhateng ing tanganipun,
dalasan para rajanipun tuwin sakathahipun
bangsa ing tanah ngriku, supados kadamela
ing sapikajengipun. 25 Kitha-kitha ingkang
santosa kaliyan tanah-tanah ingkang subur
sadaya dipun rayud; griya-griya ingkang kebak
isi barang dandosan sae, kulahan-kulahan
tatahan, pakebonan anggur tuwin pakebonan
jaitun, sarta karang kitri, ingkang cacahipun
langkung dening kathah sami dipun rampasi.
Sami nedha ngantos tuwuk lan dados lema
saha ngraosaken kamukten, saking kamirahan
Paduka ingkang ageng.

26 Ewadene sami wangkot sarta mbalela
dhumateng Paduka. Angger-angger Paduka
dipun singkur lan para nabi Paduka, ingkang

ngengetaken supados wangsul mratobat
dhumateng Paduka, sami dipun pejahi.
Sami nindakaken kanisthan ingkang ageng.
27 Paduka nunten ngulungaken tiyang-tiyang
wau ing tanganing mengsahipun, temah
sami nandhang karupekan. Lah salebetipun
nandhang karibedan punika lajeng sami
sesambat dhumateng Paduka, nunten Paduka
piyarsakaken saking langit tuwin awit saking
palimirma Paduka ingkang ageng, Paduka
paringi tiyang-tiyang ingkang ngluwari saking
tanganing mengsah.
28 Nanging manawi
sampun angsal katentreman, tumunten
sami nglampahi piawon malih wonten ing
ngarsa Paduka. Lajeng Paduka ulungaken
dhateng ing tanganing mengsahipun,
saha dipun jajah. Bilih sami sesambat
malih dhumateng Paduka, Paduka inggih
miyarsakaken malih saking langit, sami
Paduka entasaken marambah-rambah, margi
saking agenging sih-palimirma Paduka.
29 Paduka engetaken supados sami wangsul
dhateng angger-angger Paduka. Nanging
sami ngatingalaken gumunggungipun, boten
mituhu dhateng pepaken Paduka, sami nerak
pranatan-pranatan Paduka, mangka inggih
punika ingkang dados marginipun tiyang
manggih gesang manawi sami nglampahi
makaten. Sami masang pundhakipun kangge
nglawan, sami ngakenaken githokipun sarta
boten purun mirengaken.
30 Suprandene
Paduka karsa nglajengaken anggen Paduka
tumindak sabar ngantos pinten-pinten taun

laminipun. Sarana Roh Paduka Paduka
ngengetaken, inggih punika lumantar para
nabi, nanging sami boten nggatosaken, temah
Paduka ulungaken dhateng ing tanganipun
bangsa-bangsa ing sakathahing nagari.
31 Ewasamanten awit saking agengipun
sih-palimirma Paduka inggih boten Paduka
tumpes tapis, lan boten Paduka tegakaken,
amargi Paduka punika Gusti Allah ingkang
mahaasih lan mahamirah.
32 Lah sapunika, dhuh Allah kawula, Gusti
Allah ingkang mahaagung, santosa lan
nggegirisi, ingkang ngekahi ing prasetya saha
sih-kadarmanipun, sampun ngantos Paduka
galih remeh sakathahing kasisahan ingkang
sampun sami kawula sandhang, inggih
ratu-ratu kawula, panuntun-panuntun kawula,
imam-imam kawula, nabi-nabi kawula, saha
para leluhur kawula, malah inggih umat
Paduka sadaya, wiwit jamanipun para raja ing
Asyur dumugi sapunika. 33 Nanging Paduka
ingkang leres tumrap sakathahing samukawis
ingkang dhumawah ing kawula punika, amargi
Paduka tumindak setya, saha kawula ingkang
sami nglampahi duraka. 34 Dalasan para ratu
kawula, para pangageng kawula sarta para
imam kawula, punapa dene para leluhur
kawula sami nglirwakaken angger-angger
Paduka. Sami boten ngestokaken dhateng
dhawuh saha pepenget Paduka ingkang Paduka
paringaken. 35 Ing salebetipun jumeneng ratu
sami boten ngabekti dhumateng Paduka,
sanadyan Paduka sampun maringi kanugrahan

kathah saha nyawisaken tanah ingkang jembar
lan loh. Saha sami boten purun mratobat
saha nilar pendamelipun ingkang awon. [36] Lah
ing wekdal sapunika kawula sami dados abdi
tumbasan, mangka wonten ing salebetipun
tanah ingkang Paduka paringaken dhateng
para leluhur kawula, amrih sami ngraosaken
woh saha kasugihanipun, nanging kawula
punika sami dados abdi tumbasan. [37] Tanah
punika kathah pamedalipun tumrap ratu-ratu
ingkang Paduka kuwaosaken ngereh kawula,
margi saking dosa kawula. Para ratu punika
sami ngereh kawula saha raja-kaya kawula
kanthi sawenang-wenang, temahan kawula
sami nandhang karibedan ageng."

Layang prajanjian

9:38--10:39

[38] Adhedhasar iki mau kabeh, aku banjur
padha nganakake prajanjian kang kenceng,
kang padha daktulis, sarta kaecapan dening
para panggedheku, para wong Lewi lan para
imamku.

10 [1] Kang padha ngecapi layang prajanjian
mau yaiku: Sang Nehemya bin
Hakhaliya, kepala dhaerah lan Zedekia,
[2] Seraya, Azarya, Yeremia, [3] Pasyhur, Amarya,
Malkia, [4] Hatus, Sebanya, Malukh, [5] Harim,
Meremot, Obaja, [6] Dhaniel, Gineton, Barukh,
[7] Mesulam, Abia, Miyamin, [8] Maazya, Bilgai lan
Semaya. Iku para imam.

9 Dene saka para wong Lewi: Yesua bin
Azanya, Benui, panunggalane bani Henadad,
Kadmiel. 10 Lan para sadulure, yaiku: Sebanya,
Hodia, Kelita, Pelaya, Hanan, 11 Mikha, Rehob,
Hasabya, 12 Zakur, Serebya, Sebanya, 13 Hodia,
Bani lan Beninu.
14 Lan saka para panggedhening bangsa
yaiku: Sang Paros, Pahat-Moab, Elam, Zatu,
Bani, 15 Buni, Azgad, Bebai, 16 Adhonia, Bigwai,
Adin, 17 Ater, Hizkiya, Azur, 18 Hodia, Hasum,
Bezai, 19 Harif, Anatot, Nebai, 20 Magpias,
Mesulam, Hezir, 21 Mesezabeel, Zadok, Yadua,
22 Pelaca, Hanan, Anaya, 23 Hosea, Hananya,
Hasub, 24 Halohesy, Pilha, Sobek, 25 Rehum,
Hasabna, Maaseya, 26 Ahia, Hanan, Anan,
27 Malukh, Harim lan Baana.
28 Lan wong liyane yaiku: para imam,
para wong Lewi, para jaga gapura lan para
pasindhen, para abdi ing padalemaning Allah
lan sakehing wong kang wus padha misah saka
para bangsa kang manggon ing kono, banjur
madhep marang angger-anggere Gusti Allah,
mangkono uga bojone lan anak-anake lanang
wadon lan uga sakhehe wong kang wus padha
diwasa temah bisa mangreti. 29 Iku padha
ngumpul karo sadulur-sadulure, yaiku para
panggedhene. Padha prajanji kalawan supata
yen bakal manut marang angger-anggere
Gusti Allah kang diparingake lumantar Nabi
Musa, abdine Gusti Allah iku, sarta bakal
netepi lan ngestokake sakehing pepakene
Sang Yehuwah, yaiku Gustiku kabeh, sarta
saliring pranatan lan katetepane. 30 Apadene

aku ora bakal padha ngomah-omahake
anak-anakku wadon oleh wong bangsa kang
manggon ing kono, tuwin iya ora ngalap
anak-anake wadon dadi somahe anak-anakku
lanang. 31 Lan manawa wong bangsa ing
nagara kono padha nawakake dagangan utawa
gandum warna-warna ing dina Sabat, mesthi
padha ora daktuku, dadia ing dina Sabat
utawa ing dina sengkeran liyane. Sarta maneh
aku bakal padha ngetogake mangkono bae
pametuning bumi ing taun kapitu lan ora bakal
nagih piutang.

32 Sabanjure aku padha ngewajibake
awakku dhewe kabeh, asok sapratelon sekel
saben taun, kanggo pangibadah ana ing
padalemane Gusti Allahku, 33 kanggo wragade
roti sesaosan, kurban dhaharan ajegan,
tuwin kurban obaran ajegan, uga kanggo ing
dina-dina Sabat lan saben pendhak tanggal
sapisan, apadene wragade sakehing riyaya
kang katemtokake, kanggo pisungsung
suci, lan kurban panebusing dosa, kanggo
nganakake pirukun tumrap wong Israel
sarta kanggo sarupaning pagawean ing
padalemane Gusti Allahku. 34 Sarta kalawan
nguncalake undhi aku kabeh, yaiku para
imam, para wong Lewi lan wong lumrah,
padha netepake sawijining patrap nyawisake
kayu obong. Kayu iku kudu kagawa menyang
ing padalemaning Allah, giliran, dening
golonganing kulawargaku kabeh, ing wektu-
wektu kang wus katemtokake ing saben taun,
supaya ing misbyahe Sang Yehuwah, Gusti

Allahku, ana geni kang murub, netepi apa kang
katulisan ana ing kitab Toret. 35 Sarta maneh
aku iya bakal padha nyaosake kawitaning
pametuning bumiku, lan kawitane sakehing
wohe karang kitri menyang ing padalemane
Sang Yehuwah ing saben taun. 36 Mangkono
uga anakku lanang pembarep lan anaking
kewanku lanang pembarep bakal padha
daksaosake marang ing padalemaning Allahku,
yaiku marang para imam, kang nganakake
kebaktian ana ing padalemaning Allahku,
kaya kang katulisan ana ing kitab Toret. Uga
pedhet-pedhetku lan cempe-cempeku kang
pembarep. 37 Lan kawitane glepungku sair
tuwin sakehing pisungsungku kang mligi,
wohing sarupaning karang kitri, anggur lan
lenga bakal dakgawa menyang ing ngarepe
para imam, ing kamar-kamare padalemaning
Allahku, sarta pisungsung saprasapuluhane
sakehing pametuning bumiku marang para
wong Lewi, amarga iya para wong Lewi
iku kang narik pisungsung prasapuluhan
ing sakehing kutha-kutha patanenku.
38 Sarta manawa para bani Lewi padha
mupu pisungsung prasapuluhan mau, padha
kinanthenan imam, tedhake Imam Harun.
Sabanjure para wong Lewi iku bakal nggawa
saprasupuluhe pisungsung prasapuluhan mau
menyang ing padalemaning Allahku, menyang
ing kamar-kamare gedhong parawatan.
39 Amarga wong Israel lan wong Lewi kudu
nggawa pisungsung mligi kang arupa gandum,
anggur lan lenga menyang ing kamar-kamar

mau. Ing kono ana piranti-piranti papan
pasucen, uga panggonane para imam kang
nganakake pangibadah, apadene para jaga
gapura lan pasindhen. Aku ora bakal padha
ngedhagake padalemane Allahku.

Daftare para wong kang padha manggon ana ing kutha Yerusalem lan Yehuda

11:1-36

11 1 Para panggedhening bangsa padha
dedalem ana ing Yerusalem, dene
kekarene padha ngumbulake undhi, kagawe
nemtokake wong siji saben sapuluhe kang
oleh manggon ana ing kutha suci Yerusalem,
nuli kang sanga manggon ana ing kutha-kutha
liyane. 2 Wong-wong padha ngalembana,
saben wong kang kanthi eklas manggon ana
ing Yerusalem.
3 Iki pratelane bab para penggedhening
propinsi Yehuda kang dedalem ana ing
Yerusalem, dene ing kutha-kutha ing tanah
Yehuda wong Israel padha manggon ing
tanah darbeke dhewe-dhewe ana ing kuthane
dhewe-dhewe: yaiku wong lumrah, para imam,
para wong Lewi, para abdi ing padalemaning
Allah lan turune para abdine Prabu Suleman.
4 Bani Yehuda lan bani Benyamin kang padha
manggon ana ing Yerusalem yaiku: saka bani
Yehuda: Ataya bin Uzia, bin Zakharia, bin
Amarya bin Sefaya bin Mahalaleel, bin Peres,
5 lan Maaseya bin Barukh bin Kolhoze bin
Hazaya bin Adaya bin Yoyarib bin Zakharia,

turune wong Syela. [6] Sakehe bani Peres kang
manggon ana ing Yerusalem, gunggunge ana
patang utus sewidak wolu, padha wong gagah
prakosa.
[7] Lan iki turune bani Benyamin: Salu bin
Mesulam bin Yoed bin Pedaya bin Kolaya bin
Maaseya bin Itiel bin Yesaya. [8] Nuli Gabai,
Salai: gunggunge sangang atus wolulikur.
[9] Yoel bin Zikhri kang dadi kepalane, dene
Yehuda bin Hasenua dadi wakile kang
nguwasani kutha.
[10] Saka para imam: Yedaya bin Yoyarib,
Yakhin, [11] Seraya bin Hilkia bin Mesulam bin
Zadok bin Merayot bin Ahitub, lelurahing
Padaleman Suci, [12] lan para sadulure kang
ngladeni ana ing padaleman kono: wolung
atus rolikur. Uga Adaya bin Yeroham bin
Pelalya bin Amzi bin Zakharia bin Pasyhur bin
Malkia, [13] sarta para sadulure, panggedhening
kulawangsa: rong atus patang puluh loro. Lan
Amasai bin Asareel bin Akhzai bin Mesilemot
bin Imer, [14] lan para sadulure, para prawira
gagah prakosa, satus wolulikur, kang dadi
kepalane Zabdiel bin Gedolim.
[15] Saka para wong Lewi: Semaya bin Hasub
bin Azrikam bin Hazabya bin Buni. [16] Mangkono
uga Sabetai lan Yozabad panggedhening
para wong Lewi, kang mriksa pagawean
ing sajabaning padalemaning Allah. [17] Nuli
Matanya bin Mikha bin Zabdi bin Azaf,
pemimpin kang pinatah ngrepekake kidung
panuwun ing pandonga, lan Bakbukya, wong
kang kapindho saka antarane para sadulure,

lan Abda bin Samua bin Galal bin Yedutun.
18 Sakabehe wong Lewi ing kutha suci ana
rong atus wolung puluh papat.
19 Para jaga gapura: Akub lan Talmon karo
para sadulure, kang padha jaga ana ing
gapura: satus pitung puluh loro.
20 Saluwihe para wong Israel kang lumrah
lan para imam sarta para wong Lewi padha
manggon ana ing sakehe kutha ing tanah
Yehuda ing tanah pusakane dhewe-dhewe.
21 Nanging para abdi ing padalemane Gusti
Allah padha manggon ana ing Ofel. Ziha
lan Gispa kang nglurahi para abdi ing
padalemaning Allah iku.
22 Kang nglurahi para wong Lewi ing
Yerusalem: Uzi bin Bani bin Hasabya bin
Matanya bin Mikha saka bani Azaf, yaiku para
pasindhen kang ngidung sajroning pangibadah
ana ing padalemaning Allah. 23 Amarga
tumrap wong-wong iku ana dhawuhe Sang
Prabu kang netepake pranatan tumrap para
pasindhen miturut kaperluwane ing saben
dina. 24 Petahya bin Mesezabeel saka bani
Zerah bin Yehuda dibiyantokake marang Sang
Prabu tumrap samubarang kang magepokan
karo bangsa iku.
25 Mungguh papan panggonan ing dhaerah
pategalan bani Yehuda ana saperangan kang
manggon ing Kiryat-Arba lan sawewengkone,
ing Dibon lan sawewengkone sarta ing
Yekabzeel lan desa-desane. 26 Ing Yesua, ing
Molada lan ing Bet-Pelet, 27 ing Hazar-Sual,
ing Bersyeba sawewengkone, 28 ing Ziklag,

ing Mekhona sawewengkone, 29 ing En-Rimon,
Zora, Yarmut, 30 Zanoah, Adulam lan desa-
desane, ing Lakhis sapategalane ing Azeka
lan sawewengkone. Mangkono anggone padha
manggon wiwit saka ing Bersyeba nganti
tumeka ing lebak Hinom.
31 Lan bani Benyamin manggon wiwit ing
Geba, ing Mikhmas, ing Aya, ing Betel lan
sawewengkone, 32 ing Anatot, Nob lan Ananya,
33 ing Hazor, Rama lan Gitaim, 34 ing Hadid,
Zeboim lan Nebalat, 35 ing Lod lan ing Ono, ing
Lebak Tukang. 36 Sawatara golongane wong
Lewi saka Yehuda padha ngumpul karo wong
Benyamin.

Pratelane bab para imam lan para wong Lewi

12:1-26

12 1 Iki pratelane bab para imam lan para
wong Lewi, kang bali mulih bareng karo
Sang Zerubabel bin Sealtiel lan Yesua: Seraya,
Yeremia, Ezra, 2 Amarya, Malukh, Hatus,
3 Sekhanya, Rehum, Meremot, 4 Ido, Ginetoi,
Abia, 5 Miyamin, Maaja, Bilga, 6 Semaya,
Yoyarib, Yedaya, 7 Salu, Amok, Hilkia, lan
Yedaya, iku para pangarepe imam kanthi para
sadulure, nalika jamane Yesua.
8 Mungguh para wong Lewi yaiku: Yesua,
Binui, Kadmiel, Serebya, Yehuda lan Matanya.
Matanya iki lan para sadulure padha nuntun
manawa ngrepekake kidung panuwun, 9 dene
Bakbukya lan Uni sarta para sadulure padha

ngadeg ana ing ngarepe gegolongan manut
bubuhane. 10 Yesua nurunake Yoyakim,
Yoyakim nurunake Elyasib, Elyasib nurunake
Yoyadha, 11 lan Yoyadha nurunake Yonatan,
dene Yonatan nurunake Yadua.
12 Nalika jamane Yoyakim mau kang
dadi imam para panggedhene kulawangsa
yaiku: Meraya saka kulawangsane Seraya,
Hananya saka kulawangsane Yeremia,
13 Mesulam saka kulawangsane Ezra,
Yohanan saka kulawangsane Amarya,
14 Yonatan saka kulawangsane Melikhu,
Yusuf saka kulawangsane Sabanya,
15 Adna saka kulawangsane Harim, Helkai
saka kulawangsane Merayot, 16 Zakharia
saka kulawangsane Ido, Mesulam saka
kulawangsane Gineton, 17 Zikhri saka
kulawangsane Abia saka kulawangsane
Minyamin; Piltai saka kulawangsane Moaja,
18 Samua saka kulawangsane Bilga, Yonatan
saka kulawangsane Semaya, 19 Matnai saka
kulawangsane Yoyarib, Uzi saka kulawangsane
Yedaya, 20 Kalai saka kulawangsane Salai,
Heber saka kulawangsane Amok, 21 Hasabya
saka kulawangsane Hilkia lan Netaneel saka
kulawangsane Yedaya.
22 Mungguh para wong Lewi iku para
panggedhening kulawargane padha kacathet
nalika jamane Elyasib, Yoyadha, Yohanan lan
Yadua, dene para imam kacathet nganti nalika
jumenenge Sang Prabu Dharius, ratu ing
Persi. 23 Para panggedhening kulawangsane
bani Lewi padha kacathet ana ing buku

sejarah nganti jamane Yohanan bin Elyasib.
24 Para panggedhening kulawangsane bani
Lewi yaiku: Hasabya, Serebya, Yesua bin
Kadmiel lan para sadulure kang padha ngadeg
ana ing ngarepe, nalika padha ngrepekake
pepujian lan panuwun, ngetrepi dhawuhe
Sang Prabu Dawud, abdine Gusti Allah,
apepanthan jejer-jejer. 25 Matanya, Bakbukya,
Obaja, Mesulam, Talmon lan Akub, iku padha
dadi jaga gapura, kang kapatah jaga ana
ing gudhang-gudhang piranti ing gapura.
26 Wong-wong iku uripe nalika jamane Yoyakim
bin Yesua bin Yozadak lan ing jamane Sang
Bupati Nehemya lan Imam Ezra, ahli kitab.

Nucekake balowartine kutha Yerusalem

12:27-43

27 Nalika balowartine kutha Yerusalem
kasucekake, para wong Lewi padha ditimbali
saka ing sakehe papan panggonane,
kadhawuhan nglumpuk ana ing Yerusalem,
supaya padha nucekake balowarti mau
kalawan gambira, kambi ngucap sukur lan
ngrepekake kidung, binarung swaraning
kecer, slukat lan clempung. 28 Para pasindhen
banjur padha nglumpuk saka king wewengkon
ing sakiwa-tengene Yerusalem lan saka
ing desa-desane wong Netofa, 29 saka ing
Bet-Gilgal, saka ing ara-ara ing Geba lan
Asmawet, awit para pasindhen mau padha
ngadegake desa-desa ana ing sakubenge
Yerusalem. 30 Para imam tuwin para wong Lewi

sawuse nucekake badan, tumuli uga nucekake
wong saumat kabeh lan uga gapurane tuwin
balowartine.
31 Aku banjur akon para panggedhening
wong Yehuda munggah ing dhuwur balowarti
lan banjur ndhapuk juru ngidung rong
golongan gedhe. Kang siji lumaku ana ing
dhuwur balowarti manengen menyang ing
gapura Pawuhan. 32 Ing saburine Hosaya
karo saduman saka para panggedhene
wong Yehuda, 33 uga Azarya, Ezra, Mesulam,
34 Yehuda, Benyamin, Semaya lan Yeremia,
35 lan para imam kang padha nggawa
kalasangka yaiku: Zakharia bin Yonatan bin
Senaya bin Matanya bin Mikha bin Zakur bin
Azaf, 36 lan para sadulure, yaiku: Semaya,
Azareel, Milalai, Gilalai, Maai, Netaneel, Yehuda
lan Hanani karo unen-unene Sang Prabu
Dawud, abdining Allah, dene Ezra, ahli kitab,
lumaku ana ing ngarepe. 37 Bareng tekan ing
gapura Sendhang, banjur padha munggah ing
undhak-undhakaning kuthane Prabu Dawud,
ing unggah-unggahaning balowarti kang
ngliwati kadhatone Prabu Dawud, tutug ing
gapura Banyu sisih wetan.
38 Golongan pangidung sijine lumaku
mangiwa lan aku ngetutake karo
saperanganing rakyat ngliwati balowarti
lan menara Prapen tumeka ing balowarti
Amba. 39 Aku tumuli padha ngliwati gapura
Efraim, gapura Lawas, gapura Iwak, menara
Hananeel lan menara Mea nganti tekan
ing gapura Wedhus Gembel. Tumuli padha

mandheg ana ing gapura Pajagan. [40] Sawuse
iku golongan pangidung loro mau banjur padha
ngadeg ana ing padalemaning Allah. Mangkono
uga aku lan saperanganing para panggedhe,
[41] lan para imam, yaiku: Elyakim, Maaseya,
Minyamin, Mikha, Elyoenai, Zakharia, Hananya
kambi nyekel kalasangka, [42] lan Maaseya,
Semaya, Eleazar, Uzi, Yohanan, Malkia, Elam
lan Ezer. Para pasindhen banjur ngrepekake
kidung katuntun dening Yizrahya. [43] Ing dina
iku wong padha nyaosake kurban sembelehan
akeh banget. Padha bungah-bungah amarga
diparingi kabungahan kang luwih gedhe
dening Gusti Allah. Dalasan para wong wadon
lan bocah-bocah iya padha bungah-bungah,
temah karamean Yerusalem iku keprungu
nganti adoh.

Tanggungan tumrap panguripane para imam lan para wong Lewi

12:44-47

[44] Ing wektu iku ana wong sawatara kang
dipatah nglurahi kamar-kamar parawatan,
kamar-kamar pisungsung mligi, panenan
kawitan tuwin pisungsung prasupuluhan,
supaya sumbangan kang manut pranatan dadi
pandumane para imam lan para wong Lewi lan
kang cundhuk karo kaanane pategalane saben
kutha, diklumpukake ana ing kamar-kamar
kono. Awit bani Yehuda padha bungah-bungah
ing ngatase para imam sarta para wong Lewi
kang padha nindakake ayahan. [45] Amarga

wong-wong iku kang padha nindakake kawajiban leladi marang Gusti Allah lan padha kawajiban nucekake, mangkono uga para pasindhen lan jaga gapura, cundhuk karo pranatane Sang Prabu Dawud lan Sang Prabu Suleman, putrane. [46] Amarga wus wiwit jaman biyen, nalika jamane Sang Prabu Dawud lan Asaf, ana lurah pasindhen, ana kidung pamuji lan kidung panuwun kang kagem Gusti Allah. [47] Nalika jamane Sang Zerubabel lan Sang Nehemya sakehe wong Israel padha ngaturake pasumbang kanggo para pasindhen lan para jaga gapura minangka cadhong ing saben dinane lan ngaturake pisungsung suci marang para wong Lewi. Lan para wong Lewi padha ngaturake pisungsung suci marang para putra-putrane Imam Harun.

Kasetyane Sang Nehemya marang angger-angger

13:1-31

13 [1] Ing nalika iku perang-perangane kitabe Nabi Musa kawaca lan karungokake dening rakyat. Ing kitab kono tinemu ana tulisan kang mratelakake, manawa wong Amon lan wong Moab iku ing salawase ora kena lumebu ing pasamuwane Gusti Allah.
[2] Amarga padha ora gelem mapag wong Israel kalawan suguhan roti lan banyu, nanging malah ngopahi Bileam supaya nglawan lan ngipat-ipati wong Israel. Nanging ipat-ipate iku diwalik dening Gusti Allah dadi berkah.

3 Bareng wong-wong padha krungu pamacane
Toret iku, sakehing pranakan banjur padha
dipisahake saka wong Israel.
4 Nanging sadurunge iku Imam Elyasib kang
dipatah nglurahi kamar-kamar padalemaning
Allahku, lan kang pasrawungane raket karo
Tobia, 5 nyawisi Tobia mau kamar kang
gedhe. Maune kamar iku kanggo nyimpen
dhaharan, menyan lan piranti-piranti, apadene
pisungsung prasapuluhan tumrap gandum
lan anggur sarta lenga kang dadi hake para
wong Lewi, para pasindhen, para jaga gapura,
tuwin pisungsung mligi kang kanggo para
imam. 6 Sajrone iku mau kabeh kelakon, aku
ora ana ing Yerusalem, amarga ing taun kang
kaping telung puluh lorone paprentahane Sang
Prabu Artahsasta, ratu ing Babil, aku bali seba
marang ing ngarsane Sang Prabu. Nanging
sawuse sawatara mangsa aku nyuwun pamit
maneh marang panjenengane. 7 Satekaku ing
Yerusalem, aku banjur nyumurupi pratingkahe
Elyasib anggone nguntungake Tobia, yaiku
anggone nyawisi kamar ana ing plataraning
padalemane Gusti Allah. 8 Iku ndadekake
pegeling atiku, mulane sakehing barang
darbeke Tobia dakbuwangi metu saka ing
kamar mau. 9 Wasana aku mrentahake
supaya kamar iku disucekake, nuli pirantine
padalemaning Allah sarta kurban dhaharan lan
menyan padha daklebokake mrono maneh.
10 Kajaba iku aku uga sumurup, yen para
wong Lewi padha ora diwenehi cadhonge,
temahan para wong Lewi mau dalah para

pasindhen kang padha nduweni kawajiban
dhewe-dhewe iku wus padha oncat lunga
menyang ing bumine dhewe-dhewe.
11 Para
kang nyekel pangwasa banjur padha daktutuh
kalawan dakkandhani mangkene: “Yagene
padalemane Allah kok koktegakake bae?”
Para wong Lewi tumuli dakklumpukake sarta
dakbalekake maneh menyang ing panggonane
dhewe-dhewe.
12 Sakehe wong Yehuda banjur
padha asok maneh pisungsung prasapuluhan
tumrap gandum lan anggur tuwin lenga,
kagawa menyang ing kamar pasimpenan.
13 Aku tumuli ngangkat lelurahing kamar
pasimpenan, yaiku Imam Selemya lan Zadhok,
ahli Toret lan Pedaya, wong Lewi, dene Hanan
bin Zakur bin Matanya dakbiyantokake mrono
amarga wong-wong iku padha dianggep setya.
Kabeh padha dipasrahi kawajiban mranata bab
anggone mandumi marang para sadulure.

14 Dhuh Allah kawula, Paduka mugi enget
dhateng kawula awit saking prakawis punika,
saha mugi sampun ngantos ngicalaken
kasaenan ingkang sampun kawula lampahi
tumrap padalemaning Gusti Allah kawula saha
sakathahipun paladosan ing ngriku!

15 Ing wektu iku aku weruh ing tanah
Yehuda ana wong kang padha ngiles-iles
pamipitan anggur ing dina Sabat, uga wong
kang padha nggawa gedhengan-gedhengan
gandum, diemotake ing kuldi, apadene
anggur, woh anggur tuwin woh anjir sarta
momotan rupa-rupa kang digawa lumebu
ing kutha Yerusalem ing dina Sabat. Wong

mau nalika pinuju adol bahan pangan,
padha dakelingake. 16 Uga wong Tirus kang
manggon ing kono, padha nggawa iwak loh
lan dagangan rupa-rupa diedol ing dina Sabat
marang wong Yehuda, tur ana ing Yerusalem.
17 Para panggedhene wong Yehuda banjur
padha daktutuh, sarta dakkandhani: "Patrap
apa kang padha koklakoni iki, dene padha
nerak kasucene dina Sabat. 18 Para leluhurmu
rak iya padha tumindak mangkono, temah
Gusti Allah kita ndhatengake bilai marang kita
lan marang nagara kene. Apa karepmu arep
padha ndadekake bangeting dukane marang
Israel, kanthi patrap nerak kasucene dina
Sabat?"
19 Mulane yen ngarepake dina Sabat ing
gapura-gapura Yerusalem wus katon remeng-
remeng, aku akon nutup gapura-gapura
lan dakprentahake supaya aja diwengakake
sadurunge kliwat dina Sabat. Karomaneh
aku mapanake wongku sawatara ana ing
gapura-gapura, supaya aja ana momotan
lumebu ing dina Sabat. 20 Nanging para
bakul lan kang padha adol barang rupa-
rupa pisan pindho padha nginep ana ing
sajabaning balowartine Yerusalem. 21 Iku nuli
dakwelehake lan dakkandhani: "Yagene kowe
padha nginep ing ngarepe balowarti. Manawa
kowe tumindak mangkono maneh mesthi
kowe padha dakcekel." Wiwit nalika iku padha
ora teka maneh ing dina Sabat. 22 Aku uga
banjur mrentahake marang para wong Lewi

supaya sesuci lan njaga gapura amrih sucine
dina Sabat.
Dhuh Allah kawula, Paduka mugi karsaa
enget dhumateng kawula margi saking
prakawis punika saha mugi karsaa paring
kawelasan dhumateng kawula, miturut
sih-susetya Paduka ingkang ageng!
23 Ing wektu iku aku uga mrangguli wong
Yahudi sawatara kang wus ngalap bojo wong
wadon Asdod, wong wadon Amon lan wong
wadon Moab. 24 Saperangane anak-anake
guneman nganggo basa Asdod utawa basane
bangsa liya iku, lan ora ngreti basa Yahudi.
25 Wong iku padha daktutuh lan dakipat-ipati
sarta ana sawatara kang padha dakgitiki
sarta dakjambaki rambute lan padha dakkon
sumpah demi Allah mangkene: "Poma aja
ngomah-omahake anakmu wadon oleh anake
lanang bangsa kuwi, lan poma aja ngalap
anake wadon bangsa kuwi, kokolehake
anak-anakmu lanang utawa kanggo kowe
dhewe! 26 Sang Prabu Suleman, ratu ing Israel,
rak uga dhumawah ing dosa marga saka anane
lelakon kang kaya mangkono iku? Sanadyan
ing antarane para bangsa pirang-pirang ora
ana kang duwe ratu sing kaya panjenengane,
kang kinasihan dening Gusti Allahe, apadene
wus kajumenengake dadi ratune wong Israel
kabeh dening Gusti Allah, ewasamono iya
dhumawah ing dosa amarga katut marang
garwane kang saka bangsa liyan iku. 27 Kang
iku apa wong nganti kudu padha krungu
anggonmu nglakoni duraka gedhe iku yaiku

anggonmu padha ora setya marang Gusti Allah kita jalaran ngalap bojo wong wadon manca?”

28 Putrane Imam Agung Yoyadha bin Elyasib ana siji kang wus dadi mantune Sanbalat, wong Horoni, mulane daktundhung saka ing ngarepku.

29 Dhuh Allah kawula Paduka mugi ngengeti tiyang punika anggenipun sami ngucemaken kalenggahaning imam, punapa dene prajanjian bab para imam saha para bani Lewi.

30 Kaya mangkono anggonku ngresiki wong-wong saka ing samubarang kang saka ing bangsa liyan, apadene para imam lan para wong Lewi padha daktetepake kawajibane lan pagaweane dhewe-dhewe.
31 Apa maneh aku uga netepake patrap leladi kayu ing wektu-wektu kang wus katemtokake sarta leladi pametuning bumi kang kawitan.

Dhuh Allah kawula, mugi karsaa enget dhumateng kawula, demi karaharjan kawula!

ESTER

Sang Prameswari Wasti katundhung

1:1-22

1 1 Nalika jamane Sang Prabu Ahasyweros
-- yaiku Sang Prabu Ahasyweros kang
ngratoni tlatah satus pitulikur, wiwit saka ing
Indhia tutug ing Etiopia -- 2 ing jaman samana
nalika Sang Prabu Ahasyweros lenggah
ing dhamparing kaprabone ana ing beteng
kadhatone ing Susan, 3 nalika ing taun kang
kaping telune paprentahane, Sang Prabu
mangun bujana kalawan nimbali sakehing para
panggedhe lan punggawa kabeh; wadya-bala
ing tanah Persia lan Media, para priyagung
lan panggedhening dhaerah padha pepak
andher ana ing ngarsane. 4 Ing kono Sang
Prabu mamerake kasugihaning karajane
kang mulya, kaendahaning kaluhurane kang
sumunar, pirang-pirang dina suwene, nganti
satus wolung puluh dina.

5 Bareng wus tekan samono mau Sang
Prabu tumuli ngawontenake bujana maneh
kanggo sakehing para kawula kang ana ing
beteng kadhaton ing Susan, para priyagung
dalah para wong cilik, suwene pitung dina,
ana ing plataraning patamanan kadhaton.
6 Langsene lena, mori alus lan kain wungu
tuwa, kang tinalenan lena alus lan kain

wungu enom, cumanthel ing gelangan salaka
ing saka-saka marmer putih, sarta kanthil
kancana lan salaka kaprenahake ing jrambah
marmer, marmer putih, giwang lan marmer
mancawarna. 7 Pangunjukan kaladekake ana
ing tuwung kancana kang mawarna-warna, lan
anggure anggur pangunjukane Sang Prabu,
nganti turah-turah, kang pantes tumrap ing
ratu. 8 Dene carane ngombe iku: ora peksan,
awit dhawuhe Sang Prabu sakehing para
abdi dalem ing kadhaton kakarsakake manut
sakarepe sawiji-wijining wong.

9 Sang Prameswari Wasti uga mangun
bujana kanggo para wanita kabeh kang
ana ing kadhatone Sang Prabu Ahasyweros.
10 Nalika ing dina kang kaping pitune nalika
Sang Prabu karenan ing galih marga saka
sumuking anggur, Sang Nata banjur dhawuh
marang priyagung kadhaton pitu kang caos
ana ing ngarsane, asmane: Mehuman,
Bizta, Kharbona, Bigta, Abagta, Zetar lan
Karkas, 11 padha kadhawuhan nyowanake
Sang Prameswari Wasti mau marang ing
ngarsa dalem kalawan ngagem makuthaning
kaprabon, supaya mamerna kaendahaning
warnane marang para kawula lan para
panggedhe, amarga Sang Prameswari iku
endah banget warnane. 12 Nanging Sang
Prameswari mopo sowan ngestokake timbalan
dalem kang kaaturake dening priyayi kadhaton
mau, temah Sang Prabu duka banget nganti
mangar-mangar pasuryane. 13 Sang Prabu
tumuli ndangu marang para wicaksana, kang

ngreti adat-tata-cara ing jaman samana,
-- ujer kaya kaya mangkono iku lumrahe,
sabarang prakara kang magepokan karo Sang
Nata iku karembug dening sakehing para
ahli angger-angger lan pangadilan; [14] dene
kang cedhak dhewe karo Sang Prabu, yaiku:
Sang Karsena, Setar, Admata, Tarsis, Meres,
Marsena sarta Sang Memukan, priyagung pitu,
panggedhene nagara Persia lan Media, kang
diparengake mirsani pasuryane Sang Prabu lan
kang kaparingan kalungguhan kang dhuwur
ana ing sajroning karajan -- pandangune Sang
Prabu: [15] "Awewaton undhang-undhang Sang
Prameswari wajib kapatrapan apa, amarga ora
ngestokake marang timbalane Sang Prabu
Ahasyweros, kang kaaturake dening para
priyayi kadhaton." [16] Sang Memukan banjur
matur ana ing ngarsane Sang Prabu lan
para panggedhe: "Sang Prameswari Wasti
anggenipun kagungan kalepatan punika boten
namung dhumateng Sang Prabu kemawon,
nanging ugi dhateng sakathahipun para
pangageng sarta dhateng sakathahipun
para bangsa, ingkang wonten ing tlatah
wewengkonipun Sang Prabu Ahasyweros
sadaya. [17] Amargi tindak-tandukipun Sang
Prameswari punika badhe sumebar nular
dhateng sakathahipun para wanita, temahan
sami nyamah dhateng kakungipun, manawi
kepireng makaten: Sang Prabu Ahasyweros
dhawuh supaya Sang Prameswari kasowanake
ing ngarsane, nanging Sang Prameswari ora
karsa sowan. [18] Ing dinten punika semahipun

para pangageng ing Persia kaliyan ing Media
ingkang sami mireng bab tindak-tandukipun
Sang Prameswari punika wau, mesthi sami
reraosan bab punika kaliyan semahipun,
temahan badhe nuwuhaken raos ngremehaken
saha kanepson ingkang boten wonten telas-
telasipun. 19 Manawi ndadosaken keparenging
panggalihipun Sang Prabu, mugi ndhawuhna
undhang-undhang ing karajan kapacaka
wonten ing angger-anggeripun bangsa
Persia lan Media, ingkang boten kenging
kaceled, inggih punika bilih Sang Prameswari
Wasti boten kenging sowan malih wonten
ing ngarsanipun Sang Prabu Ahasyweros,
saha kalenggahanipun dados Prameswari
kaparingna dhateng putri sanesipun, ingkang
ngungkuli utaminipun. 20 Manawi putusanipun
Sang Prabu ingkang makaten punika sampun
kepireng ing satlatahipun karajan dalem --
mangka ageng sanget karajan punika --
mesthi sakathahipun para wanita sami badhe
ngaosi kakungipun, wiwit ingkang ageng
ngantos dumugi ingkang alit.”

21 Atur kang mangkono iku kagalih prayoga
dening Sang Prabu sarta dening para
panggedhe, dadine Sang Prabu banjur
tumindak laras karo ature Sang Memukan
mau. 22 Sang Prabu nuli paring dhawuh
kakintunake marang sakehing tlatah
wewengkon dalem, saben tlatah nganggo
tulisane dhewe, tuwin saben bangsa nganggo
basane dhewe, surasane: “Saben wong lanang

kudu dadi sesirahing brayate dhewe, sarta
calathu miturut basaning bangsane.”

Ester kaangkat dadi Prameswari

2:1-18

2 [1] Sawuse lelakon iku mau, bareng
dukane Sang Prabu Ahasyweros wus
sirep, panjenengane kengetan marang Sang
Putri Wasti, lan apa kang wus ditindakake
sarta mungguh tibaning putusan tumrap
ing sarirane. [2] Ing kono para abdi kang
ngladosi ana ing ngarsane, padha duwe atur
mangkene: “Sang Prabu mugi kapadosna
lare-lare estri, prawan ingkang endah ing
warni, [3] Sang Prabu mugi karsaa matah
priyantun ing saindenging tlatahipun karaton
dalem, supados sami nglempakaken lare-lare
ingkang ayu-ayu, kabektaa dhateng beteng
kadhaton Susan, kapapana wonten ing
kaputren, kapitadosna dhateng Hegai,
priyantun kadhaton dalem, ingkang jagi
kaputren; para kenya wau sami kaparingana
geganda arum, [4] lan pundi ingkang dados
keparengipun Sang Prabu punika kajunjunga
dados Prameswari, nggentosi kalenggahanipun
Sang Putri Wasti.” Atur pirembag kang kaya
mangkono iku kadhahar dening Sang Prabu,
tumuli katindakake mangkono uga.

[5] Ing nalika samana ing beteng kadhaton
Susan ana sawenehing wong Yahudi, jenenge
Mordekhai bin Yair bin Simei bin Kisy,
wong Benyamin, [6] panunggalane para wong

buwangan, kang kaangkatake saka ing
Yerusalem bareng karo Sang Prabu Yekhonya,
ratu ing Yehuda, nalika panjenengane
kaangkatake menyang ing pambuwangan
dening Sang Prabu Nebukadnezar, ratu ing
Babil. 7 Mordekhai mau duwe momongan
wadon, jenenge Hadasa, yaiku Ester, anake
sadulure bapakne, awit wis ora duwe
bapa-biyung; bocah iku pawakane endah
lan sulistya ing warna. Nalika bapa-biyunge
ngajal, banjur kapupu dening Mordekhai iku.
8 Bareng dhawuh undhang-undhange Sang
Prabu wus sumebar lan wus akeh bicah
wadon padha kaklumpukake ana ing beteng
kadhaton Susan, kareksa dening Hegai,
Ester mau uga melu kapundhut menyang
ing kadhaton, kapitayakake marang Hegai,
lurahing kaputren. 9 Bocah wadon iku becik
banget mungguh ing pamawase lan nuwuhake
sih-kamurahane, temah banjur enggal-enggal
diwenehi geganda arum tuwin cadhong-
cadhonge, lan bocah wadon pilihan pitu saka
ing kadhaton, sarta banjur kaelih menyang
panggonan kang becik dhewe ing kaputren
kinanthenan bocah-bocah wadon mau. 10 Ester
ora nglairake mungguh bangsa lan asale,
amarga dipenging Mordekhai. 11 Mordekhai
saben dina klinteran ana ing sangareping
platarane kaputren prelu nyumurupi kaanane
Ester lan apa kang bakal tumanduk marang
dheweke.
12 Saben-saben para kenya mau giliran
lumebu marak marang ngarsane Sang Prabu

Ahasyweros, lan sadurunge karawat dhisik
manut tatanan tumrap ing para wanita,
suwene rolas sasi; dene sasuwene iku padha
migunakake wangen-wangen: nem sasi
nganggo lenga mur, sarta nem sasi nganggo
lenga kasai lan wangen-wangen liyane kang
kanggo para wanita. 13 Sawuse mangkono
kenya mau banjur lumebu marak marang
ing ngarsane Sang Prabu, apadene diwenehi
apa sapanjaluke, kang banjur digawa lumebu
saka ing kaputren menyang ing kadhaton.
14 Lumebune ing wayah sore, dene anggone
mundhur ing wayah esuk, nanging kang
kapisan iku menyang ing kaputren kang
kapindho, kang kareksa dening Saasgas, abdi
dalem kang ngreksa kaputrening para garwa
ampeyan. Dheweke ora marek maneh marang
ing ngarsane Sang Prabu, kajaba manawa
dikarsakake dening Sang Nata, sarta ditimbali
kalawan kasebutake jenenge.
15 Nalika Ester -- anake Abihail pamane
Mordekhai, kang mupu Ester iku -- wus
ndungkap gilirane marak marang ing ngarsane
Sang Prabu, Ester mau ora njaluk apa-apa,
kajaba mung kang diprayogakake Hegai, abdi
dalem lurah kaputren.
Dene Ester ndadekake reseping atine angger
wong kang nyawang. 16 Mangkono Ester
anggone kagawa marang ing ngarsane Sang
Prabu Ahasyweros, ana ing kadhaton, pinuju
sasi kasepuluh -- iya iku sasi Tebet -- ing taun
kang kaping pitune jumenenge Sang Prabu.
17 Anadene Ester iku dikasihi dening Sang

Prabu, kinacek karo sakehing para wanita
liyane, sarta oleh sihwilasa tuwin kadarman
ana ing ngarsane ngluwihi sarupaning
kenya liyane, satemah banjur kaanggonan
makuthaning kaprabon, kajunjung dadi
prameswari nggenteni Sang Prameswari
Wasti. [18] Nuli Sang Prabu mangun bujana
kanggo sakehing panggedhene tuwin para
punggawane, yaiku bujanane Sang Prameswari
Ester, karodene Sang Nata nyuwak pajeg
tumrap dhaerah-dhaerah, lan paring ganjaran
kayadene salumrahing ratu.

Pak Mordekhai ngonangi sawijining komplotan

2:19-23

[19] Sasuwene para kenya kaklumpukake
kang kapindhone, Mordekhai lungguh ana
ing gapuraning karaton. [20] Anadene Sang
Prameswari Ester ora mratelakake mungguh
asal lan bangsane, netepi piwelinge Mordekhai,
amarga Sang Putri iku tansah nindakake apa
sakandhane Pak Mordekhai kayadene nalika
isih digulawenthah. [21] Ing nalika Pak Mordekhai
pinuju linggih ana ing gapuraning karaton,
ana abdi dalem loro panunggalane para
jagapura, kang jeneng Bigtan lan Teresy kang
padha kadunungan karep ala, ngarah arep
nyedani Sang Prabu Ahasyweros, amarga serik
atine. [22] Bareng Pak Mordekhai nyumurupi
prakara iku, banjur dilapurake marang Sang
Prameswari Ester, sarta panjenengane tumuli

ngunjuk uninga marang Sang Prabu kalawan
nyebut jenenge Mordekhai. [23] Prakara mau
nalika katiti-priksa, tinemu nyata mangkono.
Abdi loro mau padha disulah ana ing cagak.
Sabanjure lelakon iku katulis ana ing buku
sejarah ana ing ngarsane Sang Prabu.

Pokal gawene Sang Haman anggone arep numpes wong Yahudi

3:1-15

3 [1] Sawuse lelakon kang kasebut ing
dhuwur mau, Sang Prabu Ahasyweros
njunjung Sang Haman bin Hamedata,
turune Agag, diunggahake pangkate lan
kalenggahane katetepake, ngungkuli sakehing
para panggedhe kang ana ing ngarsane Sang
Nata. [2] Lan sakehing para abdine Sang Prabu
kang ana ing gapuraning karaton padha
tumungkul sujud ana ing ngarsane Sang
Haman mau, amarga pancen mangkono iku
prentahe Sang Prabu, nanging Mordekhai ora
tumungku sujud. [3] Para abdine Sang Prabu
kang ana ing gapuraning kraton, banjur padha
ngucap marang Mordekhai: “Punapaa dene
panjenengan kok nerak dhawuhipun Sang
Prabu?” [4] Sarehne Pak Mordekhai bola-bali
dikandhani mangkono saben dina, meksa ora
ngrewes, mulane wong kabeh mau tumuli
padha matur marang Sang Haman, arep
weruh apa pratingkahe mangkono iku bisa
kalestarekake, awit Mordekhai mau wus
tutur, yen dheweke iku wong Yahudi. [5] Bareng

Sang Haman mirsa yen Pak Mordekhai ora
tumungkul sujud marang panjenengane,
banjur banget muring-muringe. 6 Nanging
Sang Haman nganggep keremehen manawa
mung Pak Mordekhai thok kang diarah patine,
amarga wus kaaturan uninga, Mordekhai iku
bangsa apa. Dadi pangangkahe arep numpes
sakehing wong Yahudi, kang tunggal bangsa
karo Pak Mordekhai, kang ana ing saindenging
karajane Sang Prabu Ahasyweros. 7 Ing
sasi kapisan, yaiku ing sasi Nisan, ing taun
kang kaping rolase jumenenge Sang Prabu
Ahasyweros, wong banjur mbuwang pur --
yaiku undhi -- ana ing ngarsane Sang Haman,
arep milih dina karo sasi kang katuduhake:
yaiku sasi karolas, sasi Adar.
8 Sang Haman nuli munjuk marang Sang
Prabu Ahasyweros: "Wonten sawenehing
bangsa ingkang pating slebar saha
kapencil ing satengahipun para bangsa ing
saindenging karajanipun gusti kawula, saha
ingkang adat-tata-caranipun beda kaliyan
adat-tata-caranipun sakathahipun bangsa
sanesipun. Pranatanipun Sang Prabu ugi
boten dipun estokaken, mila boten prayogi
kagem Sang Nata, manawi ngendelaken
tiyang-tiyang wau anggenipun tumindak
makaten kanthi mardika. 9 Ingkang punika
manawi wonten keparenging karsa dalem
Sang Prabu, mugi wontena serat dhawuh
dalem, ingkang suraosipun, supados bangsa
wau katumpesa; wasana kawula badhe
nimbang salaka sedasa ewu talenta lan

masrahaken dhateng para tiyang ingkang
nglampahaken ayahan dalem, supados dipun
lebetaken ing gedhong rajabrananipun Sang
Prabu.” 10 Sang Prabu nuli nglolos sesupe
cap saka ing racikane, kaparingake marang
Sang Haman bin Hamedata, wong Agag,
satrune bangsa Yahudi. 11 Sang Prabu nuli
dhawuh marang Sang Haman: “Salaka iku
sunpasrahake marang sira, sarta bangsa iku
uga sunparingake marang sira, tindakna apa
kang sira anggep prayoga.” 12 Para abdi dalem
panitra padha katimbalan, -- iku pinuju sasi
kapisan tanggal ping telulas, -- banjur padha
nulis kaya sapituduhe Sang Haman, ijoane,
prentah marang para wakile Sang Prabu, tuwin
saben bupati kang mangku wilayah, apadene
saben panggedhening bangsa, yaiku marang
saben wilayah nganggo tulisane lan marang
saben bangsa manut basane, panulise atas
asmane Sang Prabu Ahasyweros lan kaecap
mawa sesupe cape Sang Prabu. 13 Layange
padha kakirimake lumantar pelayangan kilat
kasebar marang sakehing wewengkoning
karajan, iku padha kadhawuhan numpes lan
mateni sarta nyirnakake sakehing wong Yahudi
wiwit kang anom tekan kang tuwa, dalah
bocah-bocah lan wong wadon, karampungna
ing sajroning sadina: iya iku ing tanggal
kaping telulas sasi kang kaping rolas --
iya iku sasi Adar -- lan supaya bandha
kasugihane karayaha. 14 Turunane layang iku
kadhawuhna ana ing sakehing wilayah lan
banjur kagiyarna marang sarupaning para

bangsa, supaya padha cecawisa ing dina kang
wus katemtokake mau. 15 Pelayangan kilat iku
tumuli padha mangkat, kalawan kesusu, atas
dhawuhe Sang Prabu; dene metune dhawuh
mau saka ing beteng kadhaton Susan. Nalika
samana Sang Prabu lelenggahan, kaadhep
dening Sang Haman sinambi ngunjuk-ngunjuk,
nanging wong sakutha Susan iku padha geger.

Pambudidayane Mordekhai anggone arep mitulungi wong Yahudi

4:1-17

4 1 Bareng Pak Mordekhai weruh anane
lelakon, banjur nyuwek panganggone,
tuwin manganggo bagor sarta awu, nuli metu
lumaku ana ing satengahing kutha, kalawan
sesambat memelas asih kanthi swara sora.
2 Mangkono iku nganti tekan ing ngareping
gapuraning kraton, ujer ora ana wong kang
kena lumebu ing gapura kalawan manganggo
bagor. 3 Ing saben dhaerah kang wus tampa
dhawuh undhang-undhange Sang Prabu,
wong-wonge Yahudi padha susah banget
banjur padha puwasa tuwin nangis sarta
sesambat, akeh kang padha turu alemek
bagor lan awu.
4 Para cethine Sang Prameswari Ester sarta
para abdi liyane tumuli padha ngunjuki uninga,
temah Sang Prameswari banget sekel ing
galih, banjur ngintuni sandhangan marang Pak
Mordekhai supaya dianggoa, sarta ngrucata
bagore, nanging ora ditampani.

[5] Prameswari Ester tumuli nimbali Hatakh,
priyayi abdine Sang Prabu, kang kapatah
ngladeni Sang Prameswari, kaweling supaya
miterang marang Pak Mordekhai, apa
karepe lan apa sebabe mangkono. [6] Hatakh
nuli metu nemoni Pak Mordekhai ana ing
alun-aluning kutha sangarepe gapurane
Sang Prabu, [7] banjur dicaritani dening Pak
Mordekhai apa salelakone kabeh, lan mungguh
kasaguhane Sang Haman nimbang salaka,
bakal kalebokake ing gedhong rajabranane
Sang Prabu, minangka bebana tumrap
panumpese bangsa Yahudi. [8] Apadene
digawani turunane layang undhang-undhang
kang wus kawetokake ana ing Susan, bab
panumpese bangsa Yahudi mau, supaya
kaaturna lan katerangna marang Sang
Prameswari Ester. Karomaneh panjenengane
diaturi marak marang ngarsane Sang Prabu
nyuwun palimirma lan mbelani bangsane.
[9] Hatakh banjur lumebu lan ngaturake bab
piwelinge Pak Mordekhai marang Sang
Prameswari Ester.
[10] Nanging Prameswari Ester banjur
dhawuh marang Hatakh, supaya matur
marang Pak Mordekhai: [11] “Sakathahing para
abdinipun Sang Prabu sadaya dalah tiyang ing
sakathahipun dhaerah wewengkonipun Sang
Prabu sadaya sampun sami sumerep, bilih
tumrap sinten-sintena, jalera estria, ingkang
seba dhateng ngarsanipun Sang Prabu ngantos
dumugi ing plataran nglebet, boten sarana
dipun timbali, namung wonten undhang-

undhang satunggal ingkang tumindak:
inggih punika paukuman pejah. Namung
manawi Sang Prabu karsa ngathungaken
jungkating kaprabon kancana dhateng tiyang
punika, tiyang punika tetep gesang. Lan
salebetipun tigang dasa dinten punika kula
boten katimbalan marek ing ngarsanipun Sang
Prabu.” 12 Bareng piwelinge Sang Prameswari
Ester dikandhakake marang Pak Mordekhai,
13 Pak Mordekhai banjur akon matur marang
Prameswari Ester mangkene: “Panjenengan
dalem sampun kagungan panginten, bilih
badhe oncat piyambak saking antawisipun
tiyang Yahudi, dumeh panjenengan dalem
wonten ing karaton. 14 Sebab sanadyan ing
wekdal punika panjenengan dalem namung
kendel kemawon, mesthi badhe wonten
pangluwaran sarta pitulungan saking tiyang
sanesipun tumrap tiyang Yahudi, dene
panjenengan dalem sakulawarga dalem badhe
sami tumpes. Sinten ingkang mangretos,
bokmanawi inggih tumuju dhateng ing wekdal
ingkang kados sapunika punika anggen
panjenengan dalem angsal kalenggahaning
prameswari.”

15 Ing kono Sang Prameswari Ester dhawuh
ngaturi wangsulan marang Pak Mordekhai
mangkene: 16 “Sumangga sampeyan
nglempakaken sakathahipun tiyang Yahudi
ingkang wonten ing Susan; kula sami
sampeyan siyamaken, sampun nedha lan
ngombe rinten dalu, ngantos tigang dinten
dangunipun! Rinten kalayan dalu. Kula

kaliyan para cethi kula ugi badhe siyam;
dene sasampunipun, sanadyan kula nerak
angger-anggeripun, Sang Prabu, kula badhe
marak ing ngarsanipun Sang Prabu; manawi
kula kapeksa pejah, kajengipun kula pejah.”
17 Pak Mordekhai tumuli lunga lan nglakoni apa
sapiwelinge Sang Prameswari Ester mau.

Sang Prameswari Ester marak marang ngarsane Sang Prabu

5:1-8

5 1 Bareng wus tutug telung dinane Sang
Prameswari Ester banjur ngagem busana
kaprabon, tumuli jumeneng ana ing plataran
njero madhep marang kadhaton, Sang Prabu
mbeneri lenggah ing dhamparing karajan ana
ing kadhaton. 2 Bareng Sang Prabu mirsani
Sang Prameswari jumeneng ana ing plataran,
Sang Prameswari Ester mau karentahan
ing sihwilasa dalem, temah diathungi
jungkating kaprabon kancana kang kaasta,
Sang Prameswari Ester banjur marepeki
ndumuk pucuking jungkat iku. 3 Sang Prabu
tumuli ngandika: “He Prameswari Ester, apa
karepmu, sarta apa panyuwunira? Mesthi bakal
kaparingake, sanadyan ngantia saparoning
karajan.” 4 Unjuke Sang Prameswari Ester:
“Manawi wonten keparenging karsa dalem,
Sang Prabu mugi nedhaki ing bujana
ingkang badhe kawula saosaken kagem
ing panjenengan dalem ing dinten punika,
kaliyan malih Haman mugi kalilana ndherek.”

5 Dhawuhe Sang Prabu: “Haman dhawuhana
supaya enggal-enggal sowan, supaya mituruti
panyuwune Sang Prameswari Ester.” Sang
Prabu nuli rawuh nedhaki ing bujana sesaosane
Sang Prameswari Ester kadherekake Sang
Haman. 6 Satengah-tengahe unjuk-unjukan
anggur Sang Prabu banjur ndangu marang
Sang Prameswari Ester: “Panyuwunira apa,
mesthi sira kaparingan. Karepira apa mesthi
kasembadan, sanadyan ngantia saparoning
karajan.” 7 Sang Prameswari Ester tumuli
munjuk: “Pangajeng-ajeng saha panyuwun
kawula, inggih punika: 8 manawi kawula angsal
sihkadarmanipun Sang Prabu, sarta manawi
kepareng ing karsa dalem maringi kawula
ingkang dados pangajeng-ajeng kawula, saha
ngleksanani ingkang dados panyuwun kawula,
mugi Sang Prabu karsaa rawuh nedhaki
ing bujana ingkang badhe dalem saosaken
malih, sarta Haman mugi kalilana ndherek,
benjing-enjing kawula badhe ngestokaken
dhawuh dalem.”

Sang Haman dhawuh ngadegake saka sulahan kanggo Pak Mordekhai

5:9-14

9 Ing dina iku Sang Haman mundur kalawan
rena lan gambira panggalihe. Nanging bareng
Sang Haman mau mirsani Pak Mordekhai ana
ing gapuraning kadhaton, ora ngadeg lan
ora obah ngurmati ana ing ngarsane Sang
Haman, galihe Sang Haman benter banget

tumrap Mordekhai. 10 Nanging Sang Haman
ngampet dukane mau, sarta sawuse kondur
ing daleme, tumuli utusan nglumpukake para
mitra lan Zeresy garwane. 11 Sang Haman
nyaritakake bab gedhening kasugihane sarta
sakehing putrane kakung, apamaneh sakehe
kaluhurane, kang diparingake dening Sang
Prabu, sarta anggone kawisudha ngungkuli
para panggedhe lan para abdine Sang Prabu
kabeh. 12 Sang Haman banjur ngandika
maneh: "Apa maneh Sang Prameswari Ester
anggone ngaturi Sang Prabu marang bujana
sesaosane, ora kanthi nimbali wong liyane
sawiji-wijia kejaba mung aku dhewe lan aku
ditimbali seba maneh sesuk, ndherek tedhake
Sang Prabu. 13 Ewasamono iku kabeh ora
maedahi tumraping aku, sasuwene aku isih
ndeleng si Yahudi Mordekhai kang lungguh
ana ing gapuraning kadhaton." 14 Zeresy kang
garwa, dalah para mitrane kabeh padha saiyeg
matur: "Sae kadamelna saka panyulahan,
ingkang inggilipun seket asta, lan benjing-enjing panjenengan munjuk dhumateng Sang
Prabu, supados Mordekhai kasulaha wonten
ing saka punika. Sasampunipun makaten,
dipun eca ing galih anggen panjenengan
ndherek Sang Prabu dhateng bujana." Prakara
iku digalih becik dening Sang Haman, tumuli
dhawuh gawe saka panyulahan.

Pak Mordekhai kinurmatan

6:1-14

6 [1] Ing bengi iku uga Sang Prabu ora bisa
sare. Sang Prabu banjur dhawuh mundhut
layang pengetan sejarah, tumuli kawaca
ana ing ngarsane Sang Prabu. [2] Ing kono
tinemu ana pengetan bab Pak Mordekhai
kang nglapurake prakara abdine Sang Prabu
loro, panunggalane abdi jagapura, kang
jeneng Bigtan lan Teresy, padha ngarah
arep nyedani Sang Prabu Ahasyweros,
[3] Sang Prabu banjur ndangu: "Mordekhai
iku wus kaganjar kaurmatan lan kaluhuran
apa krana saka iku mau?" Unjuke para
abdine Sang Prabu, kang kawajiban ngladeni
panjenengane: "Piyambakipun dereng
kaganjar punapa-punapa." [4] Pandangune
Sang Prabu: "Sapa kang ana ing plataran
kono iku?" Ing wektu iku Sang Haman lagi
bae rawuh ana ing plataraning kadhaton ing
njaba arep ngunjuki uninga marang Sang
Prabu bab Pak Mordekhai, kang arep disulah
ana ing panyulahan kang wus kacawisake
kanggo dheweke. [5] Abdine Sang Prabu banjur
padha munjuk: "Kauningana, Sang Haman
ingkang wonten ing plataran." [6] Dhawuhe
Sang Prabu: "Dhawuhana lumebu!" Bareng
Haman wus lumebu, tumuli didangu dening
Sang Prabu: "Wong kang dadi keparenge
Sang Prabu kudu diparingi kaurmatan, iku
dikapakake?" Ing kono panggraitane Sang

Haman: "Sapa maneh kang dadi keparenge
Sang Prabu kang kudu kaparingan kaurmatan
ngluwihi aku iki?" 7 Mulane Sang Haman banjur
munjuk marang Sang Prabu: "Menggah tiyang
ingkang dipun karsakaken dening Sang Prabu
angsal kaurmatan, 8 punika dipun pendhetna
pangageman kaprabon ingkang adatipun
dipun agem Sang Prabu piyambak kaliyan
kapal titihan ingkang adatipun dipun titihi
Sang Prabu piyambak lan sirahipun kaetrapana
makutha kaprabon. 9 Lan pangageman tuwin
kapal punika wau kapasrahna dhateng
sawenehing pangageng abdinipun Sang
Prabu, panunggilanipun para luhur, tumunten
pangageman wau dipun anggekna dhateng
tiyang ingkang dipun karsakaken Sang Prabu
supados angsal pakurmatan wau, tumunten
dipun tumpakna ing kapal, saha kaaraka
kalayan numpak kapal wau, nglangkungi
alun-alun ing kitha sarta tiyang ingkang sami
wonten ing sangajengipun, sami mungela
makaten: Kaya mangkene iki ganjarane
wong kang dadi keparenge Sang Prabu oleh
pakurmatan!" 10 Ing kono dhawuhe Sang Prabu
marang Sang Haman: "Dienggal jupuken
pangageman lan jaran kang kokunjukake
iku, iku banjur trapna marang wong Yahudi
kang jeneng Mordekhai, kang lungguh ana ing
gapuraning karaton; poma aja ana kang cewet
tembungmu siji-sijia kang kokunjukake iku."
11 Sang Haman banjur mendhet pangageman
lan titihan mau, pangagemane dianggokake
Pak Mordekhai lan ditunggangake ing jarane,

sarta diarak metu ing alun-aluning kutha,
karo ana kang nguwuh-uwuh ana ing
ngarepe: “Kaya mangkene iki ganjarane wong
kang dikarsakake dening Sang Prabu oleh
pakurmatan.”
12 Sawuse mangkono Pak Mordekhai banjur
bali maneh menyang ing gapurane kadhaton,
nanging Sang Haman gupuh-gupuh kondur
kalawan prihatin sarta kekudhungan. 13 Sang
Haman tumuli cariyos marang Zeresy kang
garwa lan marang para mitrane apa kang
mentas kelakon. Para mitrane kang wasis
wicaksana sarta kang garwa Zeresy, padha
matur mangkene: “Manawi Mordekhai punika
panunggilanipun bangsa Yahudi, mangka
panjenengan sampun dhawah wonten ing
ngajengipun, mesthi panjenengan boten
kuwawi nglawan piyambakipun, malah badhe
dhawah babar pisan wonten ing ngajengipun.”
14 Nalika isih padha rerasanan mangkono,
abdine Sang Prabu teka, Sang Haman
katimbalan supaya enggal sowan menyang
bujana sesaosane Sang Prameswari Ester.

Sang Haman kagugat dening Sang Prameswari Ester tuwin kaukum pati

7:1-10

7 1 Sang Prabu kadherekake Sang Haman,
bakal sinugata dening Sang Prameswari
Ester. 2 Ing dina kang kapindho iku, nalika
padha ngunjuk anggur, Sang Prabu banjur
ndangu marang Sang Prameswari Ester: “Heh

Ratu Ester, apa kang dadi panyuwunira?
Mesthi bakal kaparingan. Karepira apa,
mesthi kasembadan, sanadyan ngantia
saparoning karajan.” 3 Sang Prameswari Ester
tumuli mangsuli, unjuke: “Dhuh Sang Prabu!
Manawi adalem angsal sih wilasa wonten
ing ngarsa dalem, panyuwun kawula, mugi
kawula kaparingana gesang margi saking
panyuwunipun dalem, makaten ugi bangsa
kawula inggih margi saking panyuwunipun
dalem. 4 Amargi kawula sampun sami kasade,
inggih kawula, dalah bangsa kawula, badhe
katumpes, kapejahan tuwin kasirnakaken.
Saupami kawula namung sami kasade saha
kadadosaken rencang jaler kaliyan estri,
kawula mesthi kendel kemawon, nanging
panganiaya punika boten wonten tandhingipun
ing antawisipun bebaya ingkang nempuh
Sang Prabu.” 5 Ing kono pandangune Sang
Prabu Ahasyweros marang Sang Prameswari
Ester: “Iku sapa? Ana ing ngendi wonge,
kang duwe pangarah mangkono ing sajroning
atine?” 6 Unjuk wangsulane Sang Prameswari
Ester: “Tiyang ingkang nganiaya saha ingkang
dados mengsah wau inggih punika Haman,
tiyang dursila punika.” Ing kono Sang Haman
gumeter wedi ana ing ngarsane Sang Prabu
lan Sang Prameswari. 7 Sang Prabu banjur
jumeneng saka anggone ngunjuk anggur
kalawan duka luwih dening banget, tedhak
menyang patamananing kadhaton, nanging
Sang Haman isih kari sesambat marang Sang

Prameswari Ester nyuwun urip, amarga mirsa,
yen Sang Prabu wus nemtokake bilaine.
8 Nalika Sang Prabu rawuh wangsul saka
ing patamananing kadhaton, lumebet ing
gedhong panggonane unjuk-unjukan, Sang
Haman mau ketemu nglumpruk sumungkem
ing kanthil pasareane Sang Prameswari
Ester. Pangandikane Sang Prabu: "Apa iya
arep masesa marang Sang Prameswari ana
sajroning kadhatoningsun piyambak?" Bareng
pangandika iku miyos saka tutuke Sang Prabu,
para abdi tumuli ngrukupi pasuryane Sang
Haman. 9 Sawenehing priyayi kadhaton, kang
lagi ana ing ngarsane Sang Prabu, kang asma
Kharbona banjur munjuk: "Ing sacelaking
griyanipun Haman wonten panyulahan ingkang
inggilipun seket asta, ingkang dipun damel
dening Haman kangge Mordekhai, tiyang
ingkang milujengaken Sang Prabu kanthi
anggenipun ngunjukaken palapuran punika."
Dhawuhe Sang Prabu: "Sulahen ana ing
panyulahan iku!" 10 Wasana Haman kasulah
ana ing panyulahan kang didegake kanggo Pak
Mordekhai. Dukane Sang Prabu temah lilih.

Dhawuhe Sang Prabu kang marakake slamete wong Yahudi

8:1-17

8 1 Ing dina iku Sang Prabu Ahasyweros
maringake barang darbeke Sang Haman,
satrune bangsa Yahudi marang Sang
Prameswari Ester karodene Pak Mordekhai

kasowanake marang ngarsane Sang Prabu,
amarga Sang Prameswari Ester wus ngunjuki
uninga, Pak Mordekhai iku kaprenah apa
karo panjenengane. 2 Sang Prabu banjur
nglolos sesupe cap kang wus kapundhut
saka Sang Haman, kaampilake marang
Pak Mordekhai lan Pak Mordekhai kapatah
dening Sang Prameswari Ester nguwasani
barang kagungane Sang Haman mau.
3 Sang Prameswari Ester tumuli ngunjukake
panyuwun maneh ana ing ngarsane Sang
Prabu, karo nyungkemi padane, lan muwun
sarta sambat-sambat muga karsaa murungake
pialane Sang Haman turune Agag, tuwin
rancangane kang wus kagawe tumrap bangsa
Yahudi. 4 Sang Prabu banjur ngacungake
jungkating kaprabon kancana marang Sang
Prameswari Ester, tumuli Sang Putri jumeneng
ana ing ngarsane Sang Prabu, 5 sarta munjuk:
"Manawi Sang Prabu marengaken saha kawula
manggih sih wonten ing ngarsa dalem,
punapa malih manawi miturut panggalihipun
Sang Prabu unjuk kawula punika kagalih
prayogi, tur kawula damel renaning panggalih
dalem, mugi kawedalna serat prentah
nyeled serat-serat damelanipun Haman
bin Hamedata, turunipun Agag, ingkang isi
dhawuh supados numpes sakathahipun tiyang
Yahudi ingkang wonten ing sakathahipun
dhaerah wewengkonipun Sang Prabu. 6 Amargi
kadospundi anggen kawula badhe tegel ningali
bilai ingkang badhe ndhawahi bangsa kawula?
Kadospundi anggen kawula badhe tegel

ningali tumpesipun sanak-sadherek kawula?”
[7] Sang Prabu Ahasyweros banjur ngandika
marang Sang Prameswari Ester tuwin Pak
Mordekhai, dhawuhe: “Lah omahe Haman
wus sunparingake marang Ester, sarta Haman
dhewe wus disulah ing panyulahan, awit
ngarah bilaine bangsa Yahudi. [8] Kang iku sira
padha nulisa bab ing ngatase wong Yahudi,
kaya sapamrayoganira atas asmane Sang
Prabu lan kaecap nganggo sesupe dalem, iku
ora kena kasuwak pisan-pisan.” [9] Ing nalika
iku uga para abdi dalem panitra banjur padha
katimbalan, pinuju sasi katelu -- iya iku sasi
Siwan -- tanggal ping telulikur, padha nulis
kaya saprentahe Pak Mordekhai, kagawe
undhang-undhang marang wong Yahudi, para
wakile Sang Prabu, para bupati lan marang
para panggedhening dhaerah, wiwit ing tanah
Indhia nganti tutug ing tanah Etiopia, satus
pitulikur dhaerah, saben tanah nganggo
tulisane dhewe-dhewe, sarta saben bangsa
nganggo basane dhewe-dhewe, mangkono
uga wong Yahudi nganggo tulisan lan basane
dhewe. [10] Panulise atas asmane Sang Prabu
Ahasyweros, lan kaecap nganggo sesupe
dalem, nuli layange dikirimake lumantar
para utusan kilat kang padha nunggang
jaran karaton kang cukat, kang pinangkane
saka panggonan kang dianggo ngingu
jaran. [11] Dene surasane: Wong Yahudi ing
siji-sijining kutha padha kaparingan palilah
dening Sang Nata nglumpuk ngreksa uripe,
numpes mateni sarta nyirnakake sakehing

wadya-bala, dalah bocah-bocah lan wong
wadon, saka bangsa lan dhaerah kang arep
nempuh, apadene diparengake ngrayah
barang darbeke, 12 tunggal dina ana ing
sakehing dhaerah wewengkone Sang Prabu
Ahasyweros, tanggal ping tetulas, sasi kang
kaping rolas, yaiku sasi Adar. 13 Turunane
layang iku kudu diundhangake ana ing saben
dhaerah, sarta banjur kudu digiyarake marang
sarupaning para bangsa, dene wong Yahudi
padha siyaga ing dina mau, bisaa nandukake
piwales marang satrune. 14 Marga saka
dhawuhe Sang Prabu mau, para pelayangan
kilat padha enggal-enggal lan sarwa kesusu
mangkat nunggang jaran kraton kang banter
playune; undhang-undhang iku kawetokake
saka ing beteng kadhaton Susan. 15 Pak
Mordekhai mundur saka ing ngarsane Sang
Prabu kalawan nganggo ageman kaprabon
wungu tuwa karo mori alus, sarta jamang
mas gedhe, jubahe lena alus lan kain wungu
enom. Wong saindenging kutha Susan
padha surak-surak lan sukarena. 16 Wong
Yahudi padha lega atine lan ngrasakake
kabungahan, kasenengan lan kaurmatan.
17 Mangkono uga ing sawiji-wijining kutha lan
dhaerah, ngendi bae kang katekan dhawuh
undhang-undhanging Sang Prabu mau, wonge
Yahudi padha bungah-bungah lan sukarena,
padha nganakake pista lan riyaya; apadene
panunggalane bangsa ing nagara kono akeh
kang padha manjing Yahudi, amarga padha
wedi marang wong Yahudi.

Wong Yahudi nandangi mungsuhe

9:1-19

9 1 Nalika sasi kang kaping rolas -- yaiku
sasi Adar -- tanggal ping telulas, ing
wektu dhawuh undhang-undhange Sang
Prabu katindakake, ing dina kang diarep-arep
dening satrune wong Yahudi anggone arep
masesa wong Yahudi, wekasan kelakone
malah kosokbaline: wong Yahudi kang padha
ngalahake satrune. 2 Wong Yahudi banjur
padha nglumpuk ana ing kutha-kuthane
ing saindenging wewengkone Sang Prabu
Ahasyweros, sumedya nempuh marang para
wong kang padha ngarah bilaine lan ora ana
siji-sijia kang kuwawa nanggulangi tandange
wong Yahudi, amarga sakehe bangsa mau
padha kadunungan rasa wedi marang wong
Yahudi. 3 Lan sakehing panggedhene dhaerah
lan para wakil peprentahan sarta para bupati
apadene para kang nglakoni ayahane Sang
Prabu, iku malah padha mbiyantu wong
Yahudi, amarga kadunungan rasa wedi marang
Sang Mordekhai. 4 Ujer Sang Mordekhai iku
gedhe pangwasane ana ing kadhaton, sarta
misuwur warata ana ing sakehing dhaerah,
amarga Sang Mordekhai sangsaya mundhak
pangwasane. 5 Wong Yahudi padha ngasorake
sakehing satrune: padha ditempuh kalawan
pedhang, padha dipateni sarta ditumpes,
mungsuhe padha digawe ing sakarep-karepe.
6 Ana ing beteng kadhaton Susan bae wong

Yahudi mateni lan numpes wong limang atus.
7 Uga Parsandata, Dalfon, Aspata, 8 Porata,
Adalya, Aridata, 9 Parmasta, Arisai, Aridai, lan
Waizata, 10 para putra-putrane kakung Sang
Haman bin Hamedata, satrune wong Yahudi
kang cacahe sepuluh iku padha dipateni,
nanging ora ngrayah barang darbeke. 11 Ing
dina iku Sang Prabu kaunjukan pirsa cacahe
pepati ana ing beteng kadhaton Susan.
12 Sang Prabu banjur ngandika marang Sang
Prameswari Ester: “Ana beteng Susan bae
wong Yahudi wus padha mateni lan numpes
limang atus, sarta maneh anake Haman
sapuluh. Ing dhaerah-dhaerahing karaton
liyane, embuh apa kang katindakake. Lan
saiki apa panyuwunira maneh? Mesthi bakal
disembadani.” 13 Unjuke Sang Prameswari
Ester: “Manawi ndadosaken keparengipun
Sang Prabu, mugi ing dinten benjing-enjing
tiyang Yahudi ing Susan sami kalilana
nglampahi malih kados suraosipun undhang-
undhang ing dinten punika, punapa malih
anakipun Haman sedasa mugi sami kasulahan
wonten ing panyulahan.” 14 Sang Prabu
paring dhawuh nindakake kaya mengkono;
undhang-undhang iku diwetokake ing Susan
lan putrane Sang Haman sapuluh padha
disulah ing panyulahan. 15 Wong Yahudi ing
Susan tumuli padha nglumpuk maneh ing
tanggal patbelas sasi Adar iku sarta mateni
wong telung atus ana ing Susan, nanging
ora ngrayah barang darbeke. 16 Sakehe
wong Yahudi liyane kang ana ing dhaerah

wewengkone Sang Prabu, iku padha nglumpuk
ngreksa uripe lan padha slamet ora karidhu
ing mungsuhe; para lawanane kang padha
dipateni ana pitung puluh lima ewu, nanging
ora nganggo ngrayah barang darbeke.
17 Kelakone prakara iku nalika tanggal ping
telulas ing sasi Adar. Ing tanggal ping patbelas
banjur padha leren, lan iku didadekake dina
pahargyan lan reropyan.
18 Nanging wong Yahudi ing Susan padha
nglumpuk ing tanggal ping telulas lan ping
patbelas ing sasi iku. Lerene tanggal ping
limalas sarta dina iku didadekake dina
pahargyan lan sukarena. 19 Mulane tumrap
wong Yahudi ing padesan, lan kang padha
manggon ora nganggo balowarti, tanggal
ping patbelas ing sasi Adar iku kadadekake
dina pahargyan lan kasenengan sarta dina
sukarena tuwin dina kirim-kiriman paweweh.

Pranatan riyaya Purim

9:20-32

20 Sang Mordekhai banjur nyerat gancaring
lelakon iku lan dikirimake sarana layang
iber-iber marang sakehing wong Yahudi
kang ana ing dhaerah wewengkone Sang
Prabu Ahasyweros, dadia kang adoh dadia
kang cedhak, 21 padha diwajibake mengeti
tanggal ping patbelas lan ping limalas ing sasi
Adar pendhak taun, 22 amarga ing dina iku
wong Yahudi padha luwar saka ing tanganing
mungsuhe, lan iya ing sasi iku anggone

kasusahan malih dadi kabungahan, tuwin
dina tangisan dadi dina gambira; dina iku
kadadekake dina pahargyan lan kasenengan
lan dadi dina kirim-kiriman pangan sarta dina
dedana marang wong miskin. 23 Wong Yahudi
iya padha nampani dadi pranatan apa kang
wus kawiwitan lan netepi apa sasurasaning
layange Sang Mordekhai. 24 Pancene mono
Sang Haman, bin Hamedata, turune Agag,
satrune sakehing wong Yahudi, ngarah arep
numpes bangsa Yahudi, nuli ngumbulake
pur: -- yaiku undhi -- karsane arep mateni
lan numpes wong Yahudi, 25 nanging sawuse
prakara iku mau kaunjukake marang
Sang Prabu, panjenengane banjur paring
dhawuh kamot ana ing serat, pangarahe ala
marang bangsa Yahudi iku mbalika marang
mastakane Sang Haman dhewe. Sang Haman
saputra-putrane tumuli padha kasulah ana
ing panyulahan. 26 Mulane dina iku kasebut
Purim, kapirid saka tembung pur iku mau.
Marga saka iku uga, yaiku marga wong Yahudi
padha ngrasakake surasane layang mau
sarta wus nyipati lan ngalami dhewe, 27 wong
Yahudi padha nampani iku dadi kawajiban
lan katetepan tumrap awake dhewe lan
saturun-turune, dalah sakehing wong kang
bakal padha manunggal karo wong Yahudi,
yen mesthi bakal padha ditetepi dina loro
mau, ora nganti kelalen ora ngriyayakake dina
loro iku saben taun, miturut apa kang katulis
tumrap bab iku ing dina kang katemtokake,
28 lan dina iku bakal dipengeti lan diriyayakake

dening angger gotrah lan kulawangsa ing
saben dhaerah lan kutha, temah dina Purim
iku ora bakal ilang saka ing satengahe wong
Yahudi nganti turun-tumurun iku bakal tansah
kaeling-eling ora kendhat-kendhat.
[29] Sawuse mangkono Sang Prameswari Ester,
putri putrane Sang Abihail lan Sang Mordekhai,
wong Yahudi, sakarone padha bebarengan
nyerat kaping pindhone kalawan pawanti-
wanti, kagawe nguwatake pranatan bab
riyaya Purim iku. [30] Banjur padha kintun serat
marang sakehing wong Yahudi ing dhaerah
satus pitulikur, wewengkoning karajane Sang
Prabu Ahasyweros, kanthi tetembungan;
salam pandonga lan kamantepan, [31] supaya
padha ngriyayakake dina Purim iku ing wektu
kang wus katemtokake, miturut dhawuhe
Sang Mordekhai, priyagung Yahudi mau
lan Sang Prameswari Ester, sarta miturut
kasaguhane ngestokake tumrap ing awake
dhewe lan saturun-turune, bab prakara
puwasa lan patangisan. [32] Mangkono dhawuh
undhang-undhange Sang Prameswari Ester
kang netepake pranatan Purim iku, sarta
banjur kacathetan ana ing buku.

Kamulyane Sang Mordekhai

10:1-3

10 [1] Sawuse mangkono Sang Prabu
Ahasyweros netepake pranatan
bulubekti saka ing tanah lan dhaerah nganti
tutug ing pasisir uga. [2] Mungguh sakehing

lelabetane kang linuwih lan kaprawirane,
apadene andharaning caritane bab kaluhuran
kang diparingake dening Sang Nata marang
Sang Mordekhai, kabeh iku rak wis katulisan
ana ing buku sejarahe para ratu ing Media
lan Persia? 3 Amarga Sang Mordekhai iku dadi
priyagung kang angka loro ing sangandhape
Sang Prabu Ahasyweros, lan panjenengane
diurmati dening wong Yahudi lan ditresnani
dening para sentanane, amarga anggone
ngudi murih kabegjaning bangsane lan marga
kang kapangandikakake iku tumuju marang
ing karaharjaning bangsane.

AYUB

Kamursidane Ayub kacoba

1:1--2:13

1 1 Ing tanah Us ana sawijining wong jenenge
Ayub; Ayub iku jujur lan mursid tuwin
ngabekti marang Gusti Allah sarta nyingkiri
piala. 2 Anake lanang pitu, kang wadon telu;
3 raja kayane kang awujud wedhus pitung
ewu, unta telung ewu, sapi limang atus rakit,
kuldi wadon limang atus; bature akeh banget,
mulane kasugihane ngungkuli wong satanah
wetan kabeh.
4 Anake kang lanang iku saben-saben padha
nganakake pista giliran ana ing omahe dhewe-
dhewe, dene sadulure wadon telu-telune
padha diundang diajak mangan lan ngombe
bebarengan. 5 Anadene saben dinaning pista
wus kapungkur, Ayub banjur nglumpukake
anak-anake prelu padha disucekake; esuke,
isih umun-umun, Ayub wus tangi, banjur
nyaosake kurban obaran, cacahe miturut
sapira kehing anake iku, awit ujare mangkene:
“Bokmanawa anakku padha kena ing dosa
lan nyupatani Gusti Allah ing sajroning atine.”
Kaya mangkono iku ajeg katindakake dening
Ayub.
6 Nuju ing sawijining dina para putraning Allah
padha seba marang ing ngarsane Pangeran

Yehuwah; nuli Iblis iya seba bebarengan. 7 Ing
kono Sang Yehuwah ngandika marang Iblis:
“Sira saka ing ngendi?” Unjuk wangsulane
Iblis marang Sang Yehuwah: “Saweg saking
mider ndlajahi bumi.” 8 Pangeran Yehuwah
banjur ndangu marang Iblis: “Apa sira
nggatekake abdiningSun Ayub? Awitdene
ig salumahing bumi ora ana wong kang
madhani bab anggone jujur lan mursid tuwin
ngabekti ing Allah, apadene anggone nyingkiri
piala.” 9 Unjuk wangsulane Iblis marang
Pangeran Yehuwah: “Punapa tanpa pituwas
Ayub anggenipun ngabekti dhumateng Gusti
Allah? 10 Piyambakipun tuwin griya dalasan
sadaya barang darbekipun, punapa boten
Paduka pageri kemput? Punapa ingkang
katindakaken sampun Paduka berkahi saha
barang darbekipun saya wewah wonten
ing nagari ngriku. 11 Nanging saupami
Paduka ngagagaken asta nempuh dhateng
sadaya barang darbekipun, temtu badhe
nyupaosi Paduka wonten ing ngarsa Paduka.”
12 Dhawuhe Sang Yehuwah marang Iblis: “Lah
apa sadarbeke wus ana ing tanganira, mung
bae aja nggepok marang awake!” Iblis banjur
mundur saka ing ngarsane Sang Yehuwah.
13 Kacarita nuju ing sawijining dina, nalika
anake Ayub lanang lan wadon padha mangan
lan ngombe anggur ana ing omahe kang
pambarep, 14 nuli ana kongkonan kan teka
ing ngarepe Ayub sarta nggawa pawarta
mangkene: “Kala wau nalika lembu saweg
kadamel mluku, sarta kuldi-kuldi estri sami

nyenggut ing sakiwa tengenipun, [15] lajeng
wonten tiyang Syeba dhateng sami nempuh,
lembu kaliyan kuldi sami karebat saha para
rencang sami dipun pejahi kaliyan landheping
pedhang, namung kula piyambak ingkang
saged oncat ngaturi uninga dhumateng
panjenengan.”
[16] Sajrone wong iku isih matur, ana wong
teka maneh sarta matur: “Latunipun Gusti
Allah dhawah saking langit lajeng nyamber
dhateng menda dalah rencang-rencang,
sadaya telas sami kamangsa ing latu, namung
kula piyambak ingkang saged oncat, ngaturi
uninga dhumateng panjenengan.”
[17] Sajrone wong iku isih matur, ana wong
teka maneh lan matur: “Tiyang Kasdim
sami dhateng, wonten tigang bregada,
lajeng nempuh dhateng unta sami karebat,
saha rencang-rencang dipun pejahi kaliyan
landheping pedhang, namung kula piyambak
ingkang saged oncat, ngaturi uninga
dhumateng panjenengan.”
[18] Sajrone wong iku isih matur, ana wong
teka maneh lan matur: “Putra panjenengan
jaler estri saweg sami dhaharan saha
ngunjuk wonten ing griyaning sadherekipun
pambajeng, [19] dumadakan wonten angin
prahara dhateng saking pasamunan ingkang
lajeng nempuh griya wau ing pojok-pojokipun
sekawan; griyanipun rebah njugrugi para
tiyang anem wau, temah sami pejah sadaya,
namung kula piyambak ingkang saged oncat
ngaturi uninga dhumateng panjenengan.”

[20] Ing kono Ayub banjur nyuwek-nyuwek
jubahe, cukur rambut sarta sumungkem sujud
ing bumi, [21] pangucape: “Wuda anggonku
metu saka ing guwagarbane embokku,
iya wuda anggonku bali mrana. Pangeran
Yehuwah kang paring, Pangeran Yehuwah kang
mundhut; pinujia asmane Sang Yehuwah!”
[22] Sajrone iku mau kabeh Ayub ora nganti
gawe dosa, sarta ora nacad pisan-pisan
marang Gusti Allah.

2 [1] Nuju ing sawijining dina, para putraning
Allah padha seba marang ngarsane
Pangeran Yehuwah, Iblis nuli iya seba uga ana
ing satengahe para putra mau. [2] Pandangune
Sang Yehuwah marang Iblis: “Sira saka ing
ngendi?” Atur wangsulane Iblis marang Sang
Yehuwah: “Saweg saking mider ndlajahi bumi.”
[3] Pangandikane Pangeran Yehuwah marang
Iblis: “Sira apa iya nggatekake marang
abdiningSun Ayub? Awit ing salumahing bumi
ora ana wong kang madhani bab anggone
jujur lan mursid tuwin ngabekti ing Allah,
apadene anggone nyingkiri piala, sarta tetep
anggone ngantepi ing katemenane, sanadyan
sira wus ngojok-ojoki Ingsun supaya Ayub
Suntumpes tanpa sabab.” [4] Iblis banjur
ngunjuki wangsulan marang Sang Yehuwah:
“Kulit gegentosing kulit; punapa sadarbekipun
tiyang mesthi dipun tombokaken supados
kapitulungan gesang. [5] Nanging saupami
Paduka ngagagaken asta saha nggepok balung
sarta dagingipun, temtu badhe nyupaosi
Paduka wonten ing ngarsa paduka.” [6] Dhawuhe

Pangeran Yehuwah marang Iblis: “Lah Ayub
iku wus ana ing tanganira, nanging owelen
uripe!” 7 Samundure Iblis saka ing ngarsane
Sang Yehuwah, Ayub tumuli diebyuki ing
memala barang wiwit ing tlapakane nganti
tekan ing embun-embunane. 8 Ayub banjur
njupuk wingka kagawe ngeroki awake, sarta
nglosod ana ing pawuhan.
9 Ing kono ature bojone: “Punapa
panjenengan taksih ngantepi ing katemenan?
Sumangga kula aturi nyupaosi Gusti Allah,
lajeng kula aturi seda kemawon!” 10 Ewadene
wangsulane Ayub: “Calathumu iku kaya wong
gemblung, sabarang peparinge Gusti Allah
kang becik padha daktampani, kang ala apa
ora kudu daktampani uga?” Sajrone iku kabeh
Ayub ora nganti gawe dosa kalawan lambene.
11 Kacarita mitrane Ayub telu bareng krungu
bab sakehe bilai kang tumama marang
dheweke, banjur padha teka saka ing
panggonane dhewe-dhewe, yaiku: Elifas wong
Teman, Bildad wong Suah lan Zofar wong
Naamah; iku wus padha sarujuk arep tilik
Ayub prelu mratelakake bela-sungkawa lang
nglipur. 12 Kocapa, nalika ndeleng saka ing
kadohan, padha pangling marang Ayub, sarta
seru anggone padha nangis; apamaneh padha
nyuwek-nyuwek jubahe, tuwin nyawurake lebu
mandhuwur, nglarabi sirahe. 13 Banjur padha
lungguh nglosod ing lemah ana ing ngarepe
Ayub, lawase pitung dina pitung bengi, ora
ana kang muni sakecap bae, marga padha

weruh ing sangsarane Ayub kang luwih dening banget iku.

Pangadhuhe Ayub

3:1-26

3 [1] Sawuse mangkono Ayub banjur calathu,
nyupatani dina kalahirane; [2] pangucape
mangkene:

[3] "Sirnaa dina kalahiranku,
mangkonoa uga wengi kang muni:
Wus dadi wetengan lanang.
[4] Dina iku dadia peteng,
aja digalih dening Gusti Allah kang
ana ing luhur, aja kasorotan ing pepadhang
pisan.
[5] Muga kalimputana ing pepeteng, lan
palimenganing pati,
kasasabana ing mendhung,
kinagetna ing grahana srengenge.
[6] Wengi iku -- rinayuda ing peteng ndhedhet;
aja nganti abungah-bungah, ing dina-dina
sajroning setahun,
aja kaetung awor cacahing sasi-sasi.
[7] Lah wengi iku lestaria gabug,
lan aja karungu swaraning kabungahan.
[8] Kasupatanana dening para kang ngipat-ipati
dina,
kang pinter nangekake kanepsone
Lewiatan.
[9] Lintang-lintang esuk padha lestaria peteng;
tanpa gawe anggone ngenteni tekane
pepadhang,

aja nganti nyumurupi katone bangbang
wetan,
10 awit ora mbuntoni lawange guwa-
garbaning ibuku,
sarta ora ngaling-alingi kasusahan ana ing
ngarepe mripatku.
11 Yagene aku ora mati nalika lair,
lan ora pecat nyawaku nalika metu saka
ing guwa-garba?
12 Yagene ana dhengkul kang nadhahi
awakku;
lan ana susu kang nusoni aku?
13 Saupama ora mangkono, aku rak bisa
leyeh-leyeh kalawan tentrem;
bisa turu lan ngaso
14 awor karo raja lan para nayaka ing jagad,
kang wus padha mbangun gegempurane,
15 sarta awor para panggedhe kang duwe
emas,
lan omahe dikebaki salaka,
16 utawa yagene aku ora kaya bayi keluron
kang kadhelikake,
kaya bayi kang ora nganti ndeleng
pepadhang?
17 Ana ing kono para wong dursila mari
anggone gawe rerubed,
sarta para wong kang nglentroh padha
aso.
18 Ana ing kono para wong tawanan padha
oleh katentreman,
wus ora krungu swarane kang ngereh.
19 Wong cilik lan wong gedhe kaanggep
padha ana ing kono,

tuwin batur wus luwar saka lurahe.
20 Yagene wong papa diparingi pepadhang,
lan kang prihatin kaparingan urip?
21 Kang banget kapengine mati, nanging ora mati-mati,
kang anggone ngupaya ngluwihi wong kang ndhudhuk raja-brana kang kapendhem;
22 samangsa mrangguli kubure,
bungahe luwih banget nganti surak-surak;
23 wong lanang kang dalane kaling-kalingan,
kang rinupek dening Gusti Allah.
24 Awit pangesahku wus kaya dadi rejekiku,
sarta panggluruhku ingesok prasasat banyu.
25 Dhasar apa kang daksumelangake, banjur tumama uga,
lan apa kang dakwedeni, iya banjur nempuh.
26 Aku ora bisa ayem lan ora oleh aso utawa tentrem,
mung karubedan kang nekani aku.”

Elifas nutuh Ayub

4:1--5:27

4 1 Ing kono Elifas wong Teman mangsuli, pangucape:
2 “Manawa ana wong nyoba guneman karo kowe, apa ndadekake gelaning atimu?
Nanging sapa kang bisa ngampet pitutur?
3 Lan wus akeh wong kang padha kokwulang,
tangan kang jimpe wus kokkuwatake,

4 wong kang kajengklok wus kokjejegake
sarana pituturmu,
dhengkul kang nyleyor wus kokkukuhake,
5 mangka bareng kowe dhewe wiwit ginepok,
kowe banjur ngenes,
bareng ketaman, ruhara atimu.
6 Rak pangabektimu marang Gusti Allah kang
minangka andel-andelmu,
lan katemenane lakumu kang dadi
pangarep-arepmu?
7 Rasakna ta: Ngendi ana wong resik kang
nemu karusakan,
utawa wong temen kang tinumpes?
8 Sasumurupku wong kang mluku cilaka lan
nyebar rubeda,
iya iku uga kang diundhuh.
9 Padha tumpes dening napasing Allah,
lebur dening bantering bebendune.
10 Singane nggero, singane nggereng,
untune singa nom padha rampal.
11 Singa tua mati marga kekurangan
memangsan,
sarta anake singa wadon padha buyar.
12 Aku wus binisikan pitutur,
tembung kang dibisikake iya wus tinampan
dening kupingku,
13 sajrone ngrasak-ngrasakake impen-impen
ing wayah bengi,
ing wektune wong kecandhak ing turu
kepati,
14 aku ketaman ing wedi lan geter,
kang njalari balung-balungku gumeter.
15 Nuli ana roh liwat ing ngarepku,

temah wulune awakku mengkorog kabeh.
16 Nalika mandheg ana ing ngarepku, aku ora
bisa niteni rupane.
Ana kang cumetha ing pandelengku, aku
nuli krungu swara mbisiki mangkene:
17 Apa manungsa bisa katon bener ana ing
ngarsaning Allah,
apa manungsa bisa katon suci ana ing
ngarsane kang nitahake?
18 Lah ta Gusti Allah ora pitados marang para
abdine,
malah sanadyan para malaekate iya
kapirsan anggone kesasar,
19 apa maneh para kang manggon ing omah
lempung,
kang tinalesan lebu, kang padha
diidak-idak nganti mati kaya renget.
20 Ing antarane esuk lan sore padha
diidek-idek,
lan tanpa rinasa padha sirna salawase.
21 Apa tamparing tarube ora dipedhot?
Padha mati nanging tanpa kawicaksanan.

5 1 Kowe nguwuh-uwuh, apa ana wong kang
sumaur?
Panunggalane para suci sapa kang kena
kokungseni?
2 Awit sanyatane wong bodho iku pinatenan
dening kanepsone dhewe,
sarta wong kang tanpa nalar iku
kasirnakake dening kamerening atine
dhewe.
3 Aku dhewe wus tau weruh wong bodho
kang metu oyode,

nanging enggal-enggal dakipat-ipati
omahe.
4 Anake padha ora kapitulungan,
padha kaidak-idak ana ing saketheng,
ora ana kang mitulungi.
5 Undhuh-undhuhane dipangan nganti entek
dening wong keluwen,
malah direbut saka ing satengahe eri,
sarta wong kang ngelak padha melik
marang barang-darbeke.
6 Awit cilaka iku pinangkane ora saka ing
lebu,
lan ora saka ing bumi tuwuhe kasusahan;
7 nanging manungsa iku anggone lair
ginadhang marang kasusahan,
kaya pletiking geni kang mumbul.
8 Nanging yen aku mesthi ngupaya Gusti
Allah,
sarta mitayakake prakaraku marang
Pangeran,
9 kang nindakake pakaryan-pakaryan kang
agung, kang ora kena kinayangapa,
tuwin kaelokan tanpa wilangan;
10 kang paring udan marang bumi
lan banyu marang pategalan;
11 Wong asor kasengkakake marang
kaluhuran,
tuwin wong prihatin pinaringan pitulungan
kang santosa.
12 Rancangane wong culika kagagalake,
satemah pambudidayane tangane ora oleh
gawe.

13 Para wong wasis dicepeng sajroning kaculikane dhewe,
lan kekarepane wong julig ora bakal ketutugan.
14 Ing wayah awan padha kesaput ing pepeteng,
lan samangsa tengange gagap-gagap kaya ing wayah bengi.
15 Nanging wong papa iku padha diluwari saka ing cangkeme kang nggegirisi,
tuwin saka ing tangane wong kang santosa.
16 Marga saka mangkono wong cilik duwe pangarep-arep,
sarta cangkeme kadursilan kabungkem.
17 Sanyatane rahayu wong kang winelehake dening Allah;
mulane aja nampik pamerdine Kang Mahakuwasa.
18 Awit Gusti Allah kang natoni, nanging kang mblebed uga;
iya natoni, nanging astane nyarasake.
19 Sajroning karubedan nem warna kowe mesthi dipitulungi,
bareng tekane kang kapitu ora nganti ginepok ing cilaka.
20 Sajroning pailan kowe diluwari saka ing pati,
lan sajroning perang saka ing pamisesane pedhang.
21 Kowe mesthi kaaling-alingan supaya ora kena ing pamecuting ilat,

sarta kowe ora usah wedi marang tekane
karusakan.
22 Karusakan lan pailan bakal kokesemi,
tuwin kewan alasan ora bakal kokwedeni.
23 Awit kowe mesthi bakal nganakake
prajanjian karo watu-watu ing ara-ara,
sarta kewan-kewan ing ara-ara bakal
padha rukun karo kowe.
24 Kowe mesthi bakal ngalami tentrem ana
ing tarubmu
lan manawa kowe niti-priksa omahmu,
mesthi ora ana apa-apa kang ilang.
25 Karo maneh bakal ngalami turunmu dadi
akeh
tuwin wijimu kaya suket ing bumi.
26 Anggonmu mudhun marang ing kluwat
manawa kowe wus tuwa banget,
kaya tumpukan gandum kang kasimpen
marga wus wancine.
27 Lah ta iku kabeh wus padha daksatitekake,
pancen mangkono kaanane;
bab iku rasakna lan titenana!"

Ayub kegelan ing bab mitra-mitrane

6:1-30

6 1 Ing kono Ayub banjur mangsuli,
pangucape:
2 "Adhuh muga karubedanku katrajua
kalawan patitis,
sarta kasrakatanku sinelehna ing
timbangan!
3 Abote mesthi ngungkuli wedhi ing sagara;

mulane metune tembungku sasar-susur.
4 Marga jemparinge Kang Mahakuwasa padha tumancep ing awakku,
ampuhe sinesep ing nyawaku;
aku tinempuh ing pagiris kang saka ing Allah.
5 Kuldi alasan apa iya gereng-gereng ana ing pasuketan ijo,
sapi apa iya mbengah-mbengah ana ing ngarepe pakane?
6 Barang kang cemplang rasane apa dipangan tanpa uyah,
utawa putihing endhog apa ana rasane?
7 Ndemok bae aku ora sudi,
tumrap aku iku pangan kang ngunek-uneki.
8 Ah, muga-muga panyuwunku kabul,
Gusti Allah muga karsa paring kang dadi pangarep-arepku!
9 Gusti Allah muga karsaa ngremuk aku,
ngagagake astane sarta nguwisi uripku!
10 Iku kang isih dadi panglipur tumrap aku,
malah aku bakal lincak-lincak marga saka bungahku.
ing sajrone aku nandhang sangsara kang tanpa piwelas iku,
sabab aku ora tau nyelaki pangandikane Kang Mahasuci.
11 Sapira ta kakuwatanku, kok aku bisa tahan,
lan apa ta wekasaning awakku, kok aku isih kudu nyabarake?
12 Apa kakuwatanku iku kaya watu?
Apa dagingku kaya prunggu?

13 Rak wus ora ana pitulungan babar pisan
tumrap aku,
lan kaslametan wus adoh saka aku?
14 Wong kang ora welas marang pepadhane,
iku nglirwakake pangabekti marang Kang
Mahakuwasa.
15 Sadulurku padha ora kena diandel kaya
kali,
kaya santering banyu kang metu saka
dhasare kali,
16 kang buthek marga banyune njendhel,
salju kang ana ing njerone dadi ajer,
17 kang ing mangsa panas padha surud,
samangsa kena ing dayane panas tumuli
asat ana ing panggonane;
18 iline menggak-menggok,
anjog ana ing pasamunan banjur mati.
19 Kapilah kang saka ing Tema padha
ngungak-ungak,
para sudagar ing Syeba padha ngarep-
arep,
20 nanging padha kecuwan marga saka
manut kayakinane,
satekane ing kana bakal kapusan.
21 Iya kaya mangkono iku kowe kabeh saikine
tumrap aku,
nalika kowe padha nyumurupi kaanan
kang nggegirisi, banjur padha kaget.
22 Apa aku tau kandha: Nggawaa oleh-oleh,
sarta: Aku wenehana dhuwit reruba saka
bandhamu,
23 utawa: Aku luwarana saka tangane kang
nganiaya,

lan: Aku tebusen saka tangane kang
misesa?
24 Aku wulangen, temah aku bakal meneng;
aku sumurupna kang dadi kaluputanku.
25 Iba gedhene sawabe pitutur kang jujur!
Nanging apa tegese pamelehmu iku?
26 Apa karepmu iku nacad tembung?
Apa tembunge wong kang entek
pangarep-arepe iku dianggep angin?
27 Malah kowe padha mbuwang undhi tumrap
marang bocah lola,
dene mitramu kokdadekake barang
dagangan.
28 Nanging saiki aku sawangen;
aku rak ora bakal ngapusi kowe.
29 Padha salina pangrasa ta, ja nganti ana
kaculikan kang tumindak;
iya padha salina pangrasa, aku iki
nyata-nyata bener.
30 Ing ilatku apa ana durakane?
Cethakku apa ora bisa mbedak-mbedakake
kasangsaran?”

Urip iku abot

7:1-21

7 1 “Manungsa iku ana ing bumi rak kayadene
perang,
etungane umure kaya dinane wong buruh?
2 Kaya upamane batur kang kapengin marang
panggonan eyub,
utawa kaya buruh nganti-anti marang
buruhane,

3 iya mangkono anggonku ginanjar
pirang-pirang sasi kebak cilaka,
sarta pirang-pirang bengi kebak pekewuh.
4 Samangsa aku mapan turu pangucapku:
Besuk apa aku bakal bisa tangi?
Mangka bengine mulur dawa,
gawe sayah anggonku ngolang-ngaling
nganti tumeka wayah repet-repet.
5 Awakku ketutupan set lan kokot-bolot,
kulitku pating prentul, kang banjur mecah
metu jitahe.
6 Dina-dinaku rikate ngungkuli troponging
tenunan,
ilange tanpa ninggal pangarep-arep.
7 Paduka mugi karsaa ngengeti, bilih gesang
kawula punika namung abab kemawon,
sarta mripat kawula boten badhe ningali
ingkang sae malih.
8 Tiyang ingkang ningali kawula sapunika,
benjing sampun boten badhe ningali
malih.
Paduka mirsani kawula, nanging kawula
sampun boten wonten.
9 Kadosdene mega ingkang lebur lajeng
sirna,
inggih makaten tiyang ingkang mandhap
dhateng ing jagading tiyang pejah boten
badhe mentas malih.
10 Boten wangsul mantuk dhateng ing
griyanipun malih,
boten badhe kasumerepan dening papan
padununganipun malih.

11 Milanipun kawula boten badhe mekak
cangkem kawula,
kawula badhe matur ing salebeting
karibedanipun nyawa kawula,
saha badhe sesambat salebeting pait-getir
ingkang wonten ing manah kawula.
12 Punapa kawula punika saganten utawi
naga,
dene Paduka ngantos ngawontenaken
pajagen tumrap kawula?
13 Manawi kawula manah: Paturonku bakal
aweh panglipur marang aku,
tuwin ambenku bakal ngenthengake
pasambatku,
14 kawula lajeng Paduka kagetaken sarana
impen
sarta Paduka damel giris kalayan rerupen
salebeting tilem,
15 temahan kawula langkung remen dipun
tekak,
lajeng pejah katimbang ngraosaken
kasisahan kawula.
16 Kawula sampun jeleh, kawula boten sagah
gesang ing salaminipun.
Kawula mugi Paduka eculaken,
awit gesang kawula punika namung kados
abab kemawon.
17 Manungsa punika punapa ta, dene ngantos
Paduka anggep ageng,
saha Paduka gatosaken,
18 Paduka tuweni saben enjing,
sarta saben-saben Paduka cobi?

19 Benjing punapa anggen Paduka boten
badhe migatosaken kawula malih,
saha ngeculaken kawula, satemah kawula
saged ngulu idu kawula?
20 Manawi kawula damel dosa, Paduka
sampun kawula punapakaken,
dhuh Allah, ingkang njagi manungsa?
Kadospundi dene kawula Paduka dadosaken
lesan,
ngantos ngrekaos anggen kawula
ngrembat badan kawula piyambak?
21 Saha punapa sababipun dene Paduka
boten karsa ngapunten kalepatan
kawula,
tuwin boten karsa ngicali duraka kawula?
Amargi mangke kawula badhe tilem wonten
ing siti,
sarta Paduka lajeng badhe madosi kawula,
nanging kawula sampun boten wonten
malih."

Bildad mbelani adile paukumaning Allah

8:1-22

8 1 Tumuli Bildad wong Suah mangsuli,
calathune:
2 "Nganti pira lawase anggonmu duwe ujar
mangkono iku,
sarta tembunging tutukmu kaya angin
gedhe iku?
3 Apa iya Gusti Allah kok mbengkokake
kaadilan?

Apa iya Kang Mahakuwasa kok
mbengkokake kabeneran?
4 Manawa anak-anakmu padha gawe dosa
marang Panjenengane,
mesthi wus dipasrahake marang
pangwasane panerake dhewe.
5 Nanging manawa anggonmu ngupaya Gusti
Allah,
sarta nyuwun sih-piwales marang Kang
Mahakuwasa,
6 anggere kowe resik lan temen,
Panjenengane mesthi banjur wungu lan
mitulungi kowe,
tuwin ndandani omah kang dadi
wewenangmu.
7 Satemah kaananmu kang wiwitan bakal
katon asor,
dene kaananmu kang wekasan bakal dadi
mulya banget.
8 Takona ta bab wong-wong jaman biyen,
lan gatekna apa kang wus katitipriksa
dening para leluhur.
9 Amarga kita iki padha bocah dhek wingi
sore, padha ora sumurup apa-apa,
awit umur kita ana ing donya iki kayadene
wewayangan.
10 Para leluhur mau rak sing kudu mulang lan
pratela marang kowe,
tuwin nglairake tetembungan kang metu
saka ing atine.
11 Bangsane glonggong apa bisa thukul
gedhe, manawa ora ana ing rawa,

utawa glagah apa bisa thukul subur
manawa tanpa banyu?
12 Sanadyan lagi nedheng-nedhenge thukul,
sadurunge mangsane dipecok,
rak mesthi banjur alum, gelis iku
katimbang karo bangsa suket liyane.
13 Ora beda karo lelakone sakehe wong kang
ora eling marang Gusti Allah;
iku sirna pangarep-arepe;
14 pangarep-arepe kaya jaring
kemlandhingan,
lan pangandele kaya jaring kemangga,
15 omahe dianggo sesendhen, nanging ora
bisa terus ngadeg,
digondheli, nanging ora kuwat.
16 Dheweke kaya tetuwuhan kang isih seger
ana ing padhange srengenge,
elunge mratani ing patamanane.
17 Oyod-oyode nggubet-nggubet ing
tumpukan watu,
lan nlesep-nlesep ing sela-selaning
watu-watu iku.
18 Manawa dibedhol saka ing panggonane,
banjur diselaki dening panggonan mau,
pangucape:
Aku durung tau weruh kowe.
19 Iya mangkono iku kabungahaning uripe,
sarta nuli ana thethukulan liyane kang
tuwuh saka ing lemah.
20 Sumurupa, Gusti Allah ora bakal nampik
wong kang temen,
lan ora ngasta tangane wong kang gawe
duraka.

21 Panjenengane isih damel tutukmu gumuyu,
sarta damel lambemu asurak-surak.
22 Satrumu bakal sinandhangan wirang,
tuwin tarube wong duraka bakal sirna.”

Ayub mangsuli: Ora ana wong kang bisa ngalahake Gusti Allah

9:1-35

9 1 Ing kono Ayub mangsuli, pangucape:
2 “Sanyatane aku wus sumurup, yen iku pancen mangkono,
kapriye manungsa anggone bisa tinemu bener ana ing ngarsaning Allah?
3 Saupama Gusti Allah karsa mabeni,
ing sewu prakara saprakara bae mesthi ora bisa ngunjuki wangsulan.
4 Sapa ta, sanadyan wicaksana atine lan gedhe kakuwatane,
kang bisa nglawan marang Panjenengane sarta lestari slamet?
5 Iya Panjenengane kang ngelih gunung ora kalawan kasumurupan ing wong,
lan diwolak-walik ing sajroning bebendune;
6 ngingser bumi saka ing panggonane,
satemah saka-sakane padha gonjing,
7 srengenge diwaleri, temah ora mlethek;
lintang-lintang dikurung kalawan disegel;
8 Gusti Allah piyambak kang mbeber langit,
kang nglangkahi alune sagara,
9 kang nitahake lintang Prau,
lintang Wluku lan lintang Wuluh,
apadene lintang-lintang ing kidul;

10 kang nindakake pakaryan kang agung, ora kena jinajagan;
sarta kaelokan tanpa wilangan.
11 Manawa Panjenengane langkung ing sandhingku, aku ora sumurup,
lan manawa lumampah aku ora ndeleng.
12 Manawa Panjenengane ngrebat apa-apa, kang ngalang-alangi sapa?
Sapa kang munjuk: Punapa ingkang Paduka tindakaken punika?
13 Gusti Allah ora mekak bebendune,
para pambantune Rahab padha tumelung ana ing ngarsane.
14 Apamaneh aku, kapriye bisaku madoni Panjenengane,
utawa milih tembung kanggo nglawan marang Panjenengane?
15 Sanadyan aku bener, iya mangsa bisaa ngunjukake panjawab,
malah aku kudu nyuwun sih-piwales marang Hakimku.
16 Saupama aku nyenyebut, mangka Panjenengane paring wangsulan,
aku mesthi iya ora ngandel, yen Panjenengane karsa miyarsakake swaraku;
17 Panjenengane kang nempuh aku kalawan prahara,
sarta kang ngakehake tatuku tanpa sabab,
18 kang ora marengake aku unjal ambekan,
nanging kang malah maregi aku kalawan pait-getir.
19 Manawa bab karosan,

Panjenengane iku kang kagungan.
Manawa bab kaadilan,
sapa kang bisa nggugat Panjenengane?
20 Sanadyan aku bener, cangkemku dhewe
kang bakal ngluputake aku;
sanadyan aku ora salah, Panjenengane
kang bakal nyalahake aku.
21 Aku ora luput! Aku ora mreduli awakku,
aku ora ngetung uripku.
22 Kabeh-kabeh iku padha bae, mulane
pangucapku:
Wong luput lan wong ora luput karo-karone
padha tinumpes.
23 Manawa cemethine dumadakan memateni,
Panjenengane banjur nggegujeng
bubrahing nalare wong kang ora luput.
24 Bumi wus kapasrahake marang wong
duraka,
hakime jagad ditutupi raine;
manawa dudu Gusti Allah kang nindakake
iku, lah sapa ta?
25 Playune dina-dinaning umurku rikate
ngungkuli utusan kilat,
wus padha larud tanpa nyumurupi
kabegjan,
26 pesating lakune kaya prau glagah,
kaya abure manuk garudha kang nyamber
memangsan.
27 Saupami kawula gadhah pangucap
makaten: Daklalekake sesambatku,
dakbuwange anggonku mbesengut, banjur
dadi bungah maneh,

28 punika kawula ajrih dhateng kasisahan
kawula sadaya,
awitdene kawula sumerep, bilih Paduka
boten badhe mastani kawula tanpa
kalepatan.
29 Kawula temtu katetepaken tiyang duraka,
punapa ginanipun kawula ngantos
kangelan tanpa wekasan?
30 Sanadyan kawula adusa toya salju,
sarta wisuha mawi sabun,
31 Paduka temtu mblesekaken kawula ing
endhutan,
lajeng sandhangan kawula sami nganggep
jijik dhateng kawula.
32 Amarga Panjenengane iku dudu manungsa
kaya aku,
kang kena dakcaosi panjawab:
Sumangga sami sesarengan sowan
dhateng ing ngarsaning pangadilan.
33 Ora ana juru pamisah,
kang numpangake tangan marang kita
sakarone!
34 Satemah Panjenengane banjur nyingkirake
gebage saka ing awakku,
sarta aku nuli ora giris ana ing ngarsane.
35 Manawa kelakon mangkono, aku iya bakal
munjuk ora nganggo wedi,
awit aku pancen ora mangkono.”

Gusti Allah ngganjar kasusahan iku apa karsane?

10:1-22

10 [1] "Nyawaku wus bosen urip, aku arep ngumbar pasambatku,
aku arep ngucap sajroning prihatine nyawaku kang pait.
[2] Aku arep munjuk marang Gusti Allah:
Paduka mugi sampun ngantos nglepataken dhateng kawula;
kawula mugi Paduka sumerepaken,
punapa sababipun dene Paduka nglawan dhateng kawula.
[3] Mikantuki punapa ta kagem Paduka, manawi nindhes tiyang punika,
manawi Paduka mbucal pakaryaning asta Paduka, saha paduka paring pambiyantu dhateng rancanganipun tiyang duraka?
[4] Punapa Paduka kagungan paningal wadhag?
Anggen Paduka mirsani samukawis punapa inggih kados patrapipun manungsa anggenipun ningali?
[5] Yuswa Paduka punapa memper kados umuripun manungsa,
petangan taun Paduka punapa inggih kados umuripun tiyang jaler,
[6] dene Paduka kok karsa madosi kalepatan kawula,
saha nlusur dosa kawula,
[7] mangka paduka mirsa, bilih kawula sanes tiyang duraka,

saha bilih boten wonten tiyang ingkang
saged oncat saking asta Paduka?
8 Asta Paduka ingkang mangun saha
ngwujudaken kawula,
nanging Paduka kok lajeng boten karsa
mirsani kawula sarta badhe nyirnakaken
kawula?
9 Paduka mugi karsaa ngengeti, bilih Paduka
ingkang karya kawula saking lempung,
kok badhe Paduka dadosaken lebu malih!
10 Punapa sanes Paduka ingkang ngecuraken
kawula kados susu,
kok lajeng badhe Paduka jendhelaken
dados keju?
11 Paduka praboti kulit kaliyan daging,
Paduka enami balung tuwin otot.
12 Paduka paringi gesang saha sih-rahmat;
nyawa kawula Paduka jagi lumantar
pangreksa Paduka.
13 Nanging kawontenan igkang makaten
punika kok Paduka sengker ing
salebeting panggalih;
kawula sumerep, bilih punika pancen
sampun dados karsa Paduka.
14 Saupami kawula damel dosa, Paduka
temtu badhe nguningani,
saha kawula boten badhe Paduka galih
tanpa kalepatan.
15 Manawi kawula duraka, bilai kawula;
manawi kawula leres inggih boten saged
langak-langak,
amargi anggen kawula tuwuk kawirangan,
sarta nyumerepi kasangsaran kawula.

16 Manawi kawula ndengengek,
Paduka temtu lajeng mbujeng kawula kadosdene singa
sarta ngatingalaken panguwaos Paduka ingkang nggumunaken punika dhumateng kawula malih.
17 Paduka badhe ngajengaken seksi-seksi enggal ingkang nglawan kawula,
-- Paduka ngagengaken bebendu Paduka dhumateng kawula --
Paduka badhe ngangsahaken pasukan-pasukan enggal, malah balatantra dhumateng kawula.
18 Punapa sababipun dene Paduka ngedalaken kawula saking guwa-garba?
Langkung sae manawi kawula pejah, saderengipun kawula kasumerepan ing tiyang,
19 kados-kados kawula boten nate wonten,
saking guwa-garbaning biyung lajeng kemawon kabekta dhateng ing pakuburan.
20 Punapa dinten-dintening umur kawula boten namung sakedhik?
Paduka mugi karsaa ngendelaken kawula, supados kawula saged bingah sawatawis,
21 saderengipun kawula kesah lan boten mawi wangsul malih
dhateng nagari ingkang peteng lelimengan,
22 dhateng nagari ingkang peteng ndhedhet,
panggenan ingkang peteng sanget saha worsuh,

ingkang cahyaning pepadhangipun sami
kaliyan pepeteng.”

Zofar mrayogakake, supaya Ayub ngesorake awake ana ing ngarsaning Allah

11:1-20

11 1 Zofar wong Naama banjur mangsuli
calathune:
2 “Wong kakehan rembug iku apa ora kudu
diwangsuli?
Apa wong kang juweh iku kudu dianggep
bener?
3 Apa wong kudu meneng bae krungu
ocehmu iku?
Tuwin manawa kowe ngala-ala iku apa ora
ana kang melehake?
4 Kowe munjuk: Piwulang kawula punika
murni,
saha kawula resik wonten ing paningal
Paduka.
5 Nanging muga-muga Gusti Allah piyambak
karsa ndhawuhake pangandika,
sarta mbikak lathine tumrap kowe,
6 lan paring sumurup marang kowe bab
wewadining kawicaksanan,
awit iku isine aneh.
Kowe nuli bakal sumurup,
yen Gusti Allah ora ngetang kaluputanmu
saperangan.
7 Apa kowe bisa njajagi wewadosing Allah,

apa bisa nyumurupi wates-watese
pangwaose Kang Mahakuwasa?
8 Iki dhuwure padha karo langit; -- kowe bisa
nindakake apa?
Jerone ngluwihi teleng palimengan: --
kowe mangreti apa?
9 Dawane ngluwihi ukuraning bumi,
jembare ngungkuli samodra.
10 Manawa Panjenengane langkung, nuli
nangkep
lan ngadili, sapa kang bisa mambengi?
11 Amarga Panjenengane nguningani si juru
apus
sarta mirsa piala tanpa ningali.
12 Manawa wong bodho bisa mangreti,
beloning kuldi alas iya bisa lair dadi
manungsa.
13 Manawa atimu kokcawisake,
nuli ngegarake tanganmu marang
Panjenengane,
14 sarta piala kang ana ing tanganmu iku
kokedohake,
tuwin kowe ora aweh duraka manggon ana
ing tarubmu,
15 kowe mesthi banjur bisa ndengengek
kalawan tanpa cacad,
temah santosa lan ora bakal wedi,
16 kowe malah banjur lali marang
kasusahanmu,
iku mung kokelingi kaya banyu kang wus
kepungkur miline.
17 Uripmu padhange bakal ngungkuli wayah
tengange,

pepeteng bakal dadi padhang kaya esuk.
18 Kowe bakal rumangsa tentrem, awit ana pangarep-arep;
sawuse mulat ngiwa nengen banjur bakal turu kepenak;
19 anggonmu nglegeyeh ora bakal ana kang ngreridhu,
lan akeh wong kang padha ngempek-empek marang kowe.
20 Nanging mripate wong duraka mesthi bakal dadi lamur,
mulane padha ora bisa lumayu ngungsi maneh;
kang dadi pangarep-arepe mung pecating nyawane."

Ayub ngakoni, yen Gusti Allah iku kwaos lan wicaksana

12:1-25

12 1 Ayub tumuli mangsuli, pangucape:
2 "Lah iya kowe iku kang jeneng manungsa,
manawa kowe padha mati,
kawicaksanan iya mati bebarengan karo kowe.
3 Aku iya duwe pikiran kaya kowe,
aku ora kalah karo kowe;
sapa kang durung tau nyumurupi kang kaya mangkono iku?
4 Aku iki dadi pepoyokane pepadhaku,
aku kang manawa sesambat marang Gusti Allah banjur disembadani,

wong kang utama lan mursid dadi
pepoyokan.
5 Saka panemune wong kang tentrem uripe,
wong kang sangsara iku pantese dicacad,
iku rinasa kaya gebug tumrap wong kang
sikile kajengklok.
6 Tarube wong kang ngrusak padha tentrem
sarta wong kang memungu dukaning Allah
padha ngalami katentreman,
samono uga para wong kang arep
nggegem Gusti Allah ana ing tangane.
7 Nanging takona ta marang kewan, iku
mesthi padha mangretekakake kowe,
sarta takona ta marang manuk ing
awang-awang,
mesthi kowe disumurupake,
8 utawa tutura marang bumi, iku mesthi
bakal aweh piwulang marang kowe,
dalasan iwak ing sagara bakal carita
marang kowe.
9 Panunggalane iku kabeh sapa kang ora
sumurup,
manawa astane Gusti Allah kang nindakake
iku;
10 manawa nyawane kabeh kang kumelip
lan napase saben manungsa iku dumunung
ana ing astane?
11 Kuping apa ora nguji tembung-tembung,
kayadene cethak anggone ngrasakake
pangan?
12 Apa dudu para wong tuwa kang padha
kadunungan kawicaksanan,

sarta wong kang wus akeh umure iku kang duwe pangreten?

13 Nanging Gusti Allah iku kang kagungan kawicaksanan lan pangwaos.
Iya Panjenengane iku kang dadi etuking pangulir budi lan kawasisan.

14 Manawa panjenengane mbebongkar, ora ana kang bisa mbangun maneh.
Manawa Panjenengane nangkep wong, ora ana kang bisa ngluwari.

15 Manawa Panjenengane mbendung banyu, banjur asat kabeh.
Manawa Panjenengane marengake mili maneh, banjur ngelebi bumi.

16 Panjenengane ngasta pangwaos lan kaunggulan
iya kang nguwaosi wong kang kesasar lan wong kang nasarake.

17 Panjenengane kang nggiring lan nglukari para mentri,
sarta kang damel bodhoning para hakim.

18 Panjenengane kang nguculi blenggu kang dietrapake dening para raja,
kang banjur padha tinalenan bangkekane kalawan tali pangiket.

19 Panjenengane kang nggiring lan nggledhah para imam,
lan nggolingake wong kang santosa.

20 Panjenengane kang mbungkem cangkeme para wong kang dipracaya,
sarta para wong tuwa padha diilangi nalare.

21 Panjenengane kang ngesoki cecamah para wong luhur
sarta kang nguculi sabuke para wong kang santosa.
22 Panjenengane kang miyak wewadining pepeteng
lan ndhatengake peteng ndhedhet ana ing pepadhang.
23 Panjenengane kang ndadosake tangkar-tumangkare lan tumpesing para bangsa,
sarta kang damel ngambra-ambrane banjur kaboyongan.
24 Panjenengane kang damel para pemimpining jagad padha koncatan akal
sarta kesasar ana ing pasamunan kang ora ana dalane,
25 padha gagap-gagap ana ing pepeteng kang ora ana pepadhange;
apadene padha kadamel gloyoran kaya wong mendem."

Ayub mbelani prakarane ana ing ngarsaning Allah

13 1 "Lah iku kabeh wus dakdeleng kalawan mripatku,
dakrungu kalawan kupingku lan dakmangreteni.
2 Apa kang padha koksumurupi, iku iya daksumurupi,
aku ora kalah karo kowe.
3 Nanging aku arep munjuk marang Kang Mahakuwasa,

aku kapengin mbelani prakaraku ana ing
ngarsaning Allah.
4 Dene kowe kabeh iku wong kang padha
nutupi gorohmu,
sarta padha dadi dhukun kang palsu.
5 Saupama kowe padha meneng babar pisan,
iku malah dadi kawicaksananmu.
6 Rungokna ta wangsulanku
lan gatekna panjawabing lambeku!
7 Apa kowe gelem goroh kagem Gusti Allah,
apa kowe gelem ngapusi kagem
Panjenengane?
8 Apa kowe gelem mbelani Gusti Allah
sarta bebantahan kanggo mbelani
Panjenengane?
9 Apa prayoga, manawa Panjenengane
niti-priksa marang kowe?
Apa kowe bisa ngapusi Panjenengane kaya
ngapusi marang wong?
10 Kowe bakal padha kaukum kalawan keras
manawa kowe mbelani kalawan ora
ngeblak.
11 Apa kamulyane Gusti Allah iku ora bakal
ngagetake kowe,
sarta apa kowe ora bakal ketiban ing
pagirise?
12 Pepeling-pepelingmu iku wulang bebasan
lebu
lan tamengmu iku tameng lempung.
13 Padha menenga! Aku arep calathu,
nadyan apa bae kang bakal tumempuh
marang aku, daksanggane!
14 Dagingku arep dakjupuk kalawan untuku,

lan nyawaku arep daksangga ing tanganku.
15 Delengen, Panjenengane arep mateni aku,
aku wus ora duwe pangarep-arep,
ewadene aku arep ngaturake panjawab ing
bab lakuku ana ing ngarsane.
16 Panjenengane bakal dadi kaslametanku,
nanging wong lamis ora kena seba ing
ngarsane.
17 Rungokna kang tumenan tembung-
tembungku,
lan gatekna katranganku!
18 Sumurupa, aku wus nyawisake prakaraku,
aku yakin, manawa aku bener.
19 Sapa kang keconggah pepadon karo aku,
iya wis, aku dakmeneng bae banjur
dakmati.
20 Namung kalih prakawis ingkang mugi
sampun Paduka tundukaken dhumateng
kawula,
dados kawula boten badhe ndhelik saking
ing ngarsa Paduka,
21 inggih punika: Asta Paduka mugi Paduka
singkiraken ingkang tebih saking
kawula,
kaliyan malih kawula sampun ngantos
gumeter
margi saking pagiris Paduka,
22 lajeng Paduka mugi nimbali kawula,
kawula inggih badhe ngaturi wangsulan;
utawi kawula ingkang munjuk saha Paduka
ingkang paring wangsulan.
23 Sapinten ta agenging kalepatan saha dosa
kawula?

Kawula mugi Paduka sumerepaken
dhateng panerak saha dosa kawula.
24 Punapa sababipun dene Paduka ngantos
nyingidaken wadana Paduka
saha kawula Paduka anggep mengsah?
25 Ron kabur kanginan kok Paduka damel
geter;
dami garing kok Paduka bujeng-bujeng!
26 Sabab kawula Paduka etrapi ingkang pait
getir,
kalepatan nalika nem-neman kawula
punika Paduka dhawahaken dhateng
kawula,
27 suku kawula Paduka belok,
sarta salampah-lampah kawula Paduka
ulat-ulataken,
tlapakan kawula Paduka pasangi pepalang,
28 mangka punika tumrap dhateng tiyang
ingkang sampun ringkih kados kajeng
gapuk,
kados sinjang ingkang dipun tedha ing
renget.”

Yen wus mati, wus ora ana pangarep-arep maneh

14:1-22

14 1 “Manungsa ingkang lair saking tiyang
estri,
celak umuripun, tuwuk ing kasisahan,
2 mekar kadosdene sekar lajeng alum,
icalipun kados wewayangan, boten saged
lestantun.

3 Punapa inggih Paduka badhe karsa mirsani
tiyang ingkang kados makaten punika
saha badhe Paduka tarik dhateng ing
pangadilan Paduka?
4 Punapa nate wonten tiyang resik
katuwuhaken dening tiyang jember?
Satunggal kemawon temtu boten wonten!
5 Ingkang punika sarehning umuripun
manungsa sampun kapesthekaken
watesipun,
tuwin cacahing wulanipun sampun Paduka
temtokaken, punapa dene wates-
watesipun sampun Paduka tetepaken,
satemah boten saged kalangkahan,
6 mila Paduka mugi karsa nilar mengo,
supados piyambakipun saged aso,
satemah saged ngraosaken nikmating
dintenipun kados tiyang berah.
7 Amargi tumraping wit-witan taksih wonten
pangajeng-ajengipun;
manawi kategor, medal trubusipun malih,
ingkang nunten gesang ing salajengipun.
8 Sanadyan oyodipun dados sepuh wonten
ing salebeting siti,
sarta tunggakipun ngantos pejah
dumunung ing lebu,
9 ewasemanten angger mambet toya,
mesthi semi sarta medal pangipun ingkang
dados taneman enggal.
10 Nanging manawi tiyang nemahi pejah
sampun boten gadhah daya kakiyatan
malih;
manungsa manawi sampun pejah,

tiyang wau lajeng wonten ing pundi?
11 Kadosdene toyanipun tlaga ingkang nguwab
tuwin lepen ingkang asat saha pejah,
12 makaten ugi manungsa inggih ambruk, saha boten tangi malih,
ngantos dumugi sirnanipun langit sami boten tangi utawi ginugah anggenipun tilem.
13 Iba begja kawula saupami Paduka karsa ngumpetaken kawula wonten ing teleng palimengan;
manawi Paduka karsa ngaling-alingi kawula ngantos sasirepipun bebendu Paduka
sarta saupami Paduka karsa paring wangenan lajeng Paduka enget dhumateng kawula!
14 Manungsa manawi sampun pejah, punapa saged gesang malih?
Manawi makaten kawula gadhah pangajeng-ajeng salaminipun kawula nglampahi kangelan,
ngantos dumugi ing giliran kawula.
15 Paduka lajeng badhe nimbali kawula, saha kawula badhe ngunjuki wangsulan;
Paduka badhe kangen dhateng pakaryaning asta Paduka.
16 Paduka lajeng boten badhe nggatosaken dosa kawula,
sanadyan Paduka mical jangkah kawula,
17 panerak kawula lajeng sami kalebetaken ing kanthong ingkang kasegel,

sarta Paduka badhe nutupi rapet kalepatan
kawula.
18 Nanging kadosdene redi ingkang jugrug
lajeng ajur,
saha parang ingkang pindhah panggenan,
19 tuwin kadosdene toya ingkang
nggripisaken sela,
sarta santering ilinipun ngentiraken
lebuning siti,
inggih kados makaten anggen Paduka
nglebur pangajeng-ajenging manungsa.
20 Manungsa Paduka wisesa salaminipun
lajeng kesah,
Paduka ewahi rainipun lajeng Paduka
tundhung;
21 boten nyumerepi anggening anakipun sami
angsal kadrajatan,
utawi sami dhawah ing kanisthan inggih
boten dipun mangretosi.
22 Namung badanipun ingkang njalari
piyambakipun nandhang perih,
saha margi saking piyambakipun
piyambak, nyawanipun nandhang
sedhih."

Elifas nerangake yen wong duraka bakal nemu karusakan

15:1-35

15 1 Elifas wong Teman banjur mangsuli,
celathune:
2 "Wong kang wicaksana apa mangsuli
kalawan kawruh kang tanpa isi,

sarta ngiseni pikirane kalawan angin?
3 Apa iya anggone srengen iku kalawan
tetembungan kang tanpa guna,
lan kalawan ujar kang ora maedahi?
4 Karodene kowe ngorakake pangabekti
marang Gusti Allah,
sarta ngurangi wedi-asihmu marang Gusti
Allah.
5 Kaluputanmu kang mulang tutukmu
tuwin basane wong culika kang kokpilih,
6 tutukmu dhewe kang ngluputake kowe,
dudu aku;
lambemu dhewe kang melehake kowe.
7 Apa lairmu dadi manungsa kawitan?
Anggonmu katitahake apa sadurunge ana
gunung?
8 Apa kowe krungu pepesthening Allah,
lan apa kowe ngrayud kawicaksanan
kanggo awakmu dhewe?
9 Kowe sumurup apa, kang ora daksumurupi,
kowe mangreti apa, kang ora cetha
tumraping aku?
10 Panunggalanmu ana kang wus uwanen,
sarta kang wus tuwa banget,
ngungkuli bapakmu.
11 Apa panglipuring Allah iku sepele
tumraping kowe,
tuwin pitutur kang alus kang tumanduk
marang kowe iku apa karemehen?
12 Yagene kowe kok kablingerake dening
rasane atimu,
sarta mripatmu kok mancereng,

13 satemah atimu banjur dadi nglawan
marang Gusti Allah.
tuwin tutukmu ngwetokake tetembungan
kang kaya mangkono?
14 Manungsa iku mangsa yen suci,
lan mangsa yen asipat bener kang lair
saka wong wadon iku!
15 Lah para abdine kang suci padha ora
dipracaya,
sarta langit dipirsani ora mulus resike,
16 mendahane maneh wong kang jember
tuwin awatek dursila kang nyruput
duraka kaya banyu.
17 Kowe dakkandhani, rungokna!
Apa kang wus dakdeleng bakal
dakcritakake,
18 yaiku kang dipratelakake dening para
wicaksana
kang anggone sumurup saka para leluhure
ora nganggo digawe wadi,
19 nalika nagara mung kaparingake marang
wong-wong mau,
lan ora ana wong manca kang lumebu ing
kono.
20 Wong duraka nandhang giris sajege urip,
wong kang ambek siya iya mangkono
uga ing sajroning taun-taun kang
cinadhangake.
21 Swara-swara kang nggegirisi tumama ing
kupinge,
ing mangsa tentrem dheweke ketekan juru
pangrusak.

22 Wus ora duwe pangarep-arep yen bisa
metu saka ing pepeteng,
wus pinesthi dadi pakaning pedhang;
23 nglembara golek pangan, embuh menyang
ngendi.
Dheweke sumurup, manawa bakal ngalami
dina pepeteng.
24 Atine kagawe giris dening kasangsaran lan
karupekan,
kang ngebyuki kayadene raja kang wus
samekta ing perang,
25 awit ngathungake tangane sumedya
nglawan marang Gusti Allah,
tuwin mbalela marang Kang Mahakuwasa,
26 kalawan ndegeg anggone enggal-enggal
mapagake Panjenenge,
kambi nggawa tameng-tamenge kang
kalapis-lapis kandel.
27 Raine wus kablonyo ing gajih,
lan bangkekane dietrapi ing sabuk gajih
lelapisan;
28 banjur ngenggoni kutha-kutha kang wus
gempur,
lan omah-omah kang ora kena dienggoni
ing wong, kang cinadhangake dadi
jugrugan.
29 Dheweke ora bakal dadi sugih sarta
raja-darbeke ora tulus,
tuwin barang-barange ora wuwuh ana ing
bumi,
30 bakal ora bisa oncat saka ing pepeteng,
trubus-trubusane bakal garing kena
panasing geni,

tuwin dheweke bakal kasirnakake dening
napasing tutuke.
31 Wong mau aja ngandel marang bab-bab
kang tanpa isi, amarga bakal kapusan,
awit oleh-olehane iya tanpa paedah.
32 Sadurunge titi-mangsane banjur wus mati,
sarta pang-pange ora bakal bisa seger.
33 Kayadene wit anggur kang gogrog wohe,
lan kaya wit jaitun kang gogrog kembange.
34 Awitdene golonganing wong duraka ora
bakal ngetokake woh,
sarta tarub-tarube wong kang nampani
besel bakal kamangsa ing geni.
35 Iku padha meteng kasusahan lan nglairake
piala,
sarta atine ngandhut goroh."

Ayub ngadhuh-adhuh marga ngrasakake apa kang katandukake dening Gusti Allah marang dheweke

16:1--17:16

16 1 Ayub banjur mangsuli, pangucape:
2 "Wus kerep banget aku krungu kang
kaya mangkono iku,
kowe kabeh iku juru panglipur kang siyal!
3 Apa durung entek tembungmu kang tanpa
isi iku?
Apa ta kang meksa kowe supaya nglawan?
4 Aku iya bisa caturan kaya kowe,
saupama kowe iku dadi kaya aku;
aku bisa ngracik tetembungan kang endah
tumrap kowe

sarta gedheg-gedheg ngrasakake kowe.
5 Aku bisa nyantosakake atimu kalawan cangkem
lan lambeku ora dakpekak anggone ngucapake piwales.
6 Nanging manawa aku caturan, anggonku nandhang sangsara ora bakal dadi entheng
lan manawa aku meneng apa iya ana sudane?
7 Nanging saiki Panjenengane ndadekake aku tanpa daya
tuwin ngrisak sakukubaning omahku,
8 aku dicepeng; iki kang dadi seksi;
anggonku kuru iki kaya-kaya banjur gumregah nggugat marang aku.
9 Bebenduning Allah nempuh sarta nglawan marang aku,
nggeget waja tumuju marang aku,
aku dipandeng dening mungsuhku kalawan mancereng.
10 Wong padha crawak cangkeme tumrap ing aku,
aku ditapuk kalawan pamemirang,
padha nggrombol arep ngroyok aku.
11 Gusti Allah ngulungake aku marang wong dursila,
sarta masrahake aku marang tangane wong duraka.
12 Aku urip kalawan tentrem, nanging aku banjur sinangsara,
githokku diasta nuli aku dibanting,

banjur katangekake kadadekake
les-lesane.
13 Aku diudani ing panah,
ginjelku padha cinublesan tanpa piwelas,
rempeluku kawutahake ing bumi.
14 Aku dijuwing-juwing,
aku ditempuh kaya dene wong prawira ing
perang.
15 Aku wus ndondomi bagor kanggo nutupi
kulitku
sarta sunguku dakurugi lebu.
16 Raiku katon mbranang marga saka nangis
lan tlapukanku ketutupan ing peteng
ndhedhet,
17 sanadyan tanganku ora kadunungan tindak
ambek-siya
tuwin pandongaku resik.
18 Heh bumi, getihku aja koktutupi,
sarta panjeritku aja nganti oleh papan
palerenan!
19 Sumurupa, saiki uga Seksiku ana ing
swarga,
kang nekseni aku ana ing ngaluhur.
20 Sanadyan aku dipoyoki dening mitra-
mitraku
nanging kalawan nangis mripatku tumenga
marang Gusti Allah,
21 muga-muga Panjenengane karsaa
ngrampungi prakara ing antarane
manungsa lan Gusti Allah
tuwin manungsa lan pepadhane.
22 Amarga gunggunging taun mung kari
sathithik

lan aku bakal metu ing dalan kang ora
bakal dakbaleni maneh.

17

1 Semangatku wus rusak, umurku wus
tumeka ing wekasane,
sarta aku wus kacawisan kuburan.
2 Sanyata aku iki dadi poyokan,
mripatku kepeksa ndeleng anggone padha
tantang-tantangan.
3 Mugi Paduka karsaa dados tetanggelan
kawula wonten ing ngarsa Paduka
piyambak.
Manawi boten makaten sinten malih
ingkang saged ngwontenaken
pasarujukan kangge kawula?
4 Awit manahipun sampun sami Paduka
dadosaken buntet.
Mila Paduka boten maringi kaunggulan.
5 Sing sapa nggugatake mitra-mitrane
supaya oleh kauntungan,
mripate anak-anake bakal dadi lamur.
6 Aku wus didadekake pocapan ana ing
satengahing para bangsa,
sarta dadi wong kang diidoni raine.
7 Mripatku dadi lamur marga saka susah,
kabeh peranganing awakku dadi kaya
wewayangan.
8 Para wong kang jujur padha kaeraman
marga saka kang mangkono iku,
lan wong kang ora luput dadi nepsu
marang wong duraka.
9 Sanadyan mangkono wong mursid lestari
lumaku ana ing dalane,

sarta wong kang resik tangane saya
mundhak santosa.
10 Nanging kowe kabeh, mara padha balia!
Aku ora bakal mrangguli wong wicaksana
ana ing tengahmu.
11 Umurku wus kliwat, wus gagal rancangan-
rancanganku,
kang dadi idham-idhamanku.
12 Bengi bakal padha didadekake awan:
padhang bakal enggal jumedhul saka ing
peteng,
mangkono kandhane.
13 Manawa aku ngarepake jagade wong mati
dadi omahku,
nyawisake paturonku ana ing pepeteng,
14 sarta calathu marang luwang kuburan:
Kowe iku bapakku,
lan marang set: Biyungku tuwin sadulurku
wadon,
15 banjur apa pangarep-arepku?
Sapa kang sumurup manawa aku duwe
pangarep-arep?
16 Iku bakal padha tumurun menyang ing
dhasaring jagade wong mati,
manawa aku padha bebarengan tumurun
menyang ing sajroning lemah.”

Bildad mratelakake, yen wong duraka iku mesthi bakal katumpes

18:1-21

18 1 Ing kono Bildad, wong Suah banjur
mangsuli,

calathune:
2 “Nganti pira lawase anggonmu ndedawa
tembung;
pikiranmu enggonen ta, aku banjur arep
padha aweh pitutur.
3 Yagene aku kok padha dianggep kewan?
Yagene aku padha kokanggep bodho?
4 Kowe kang nyuwek-nyuwek awakmu dhewe
ing sajroning kanepsonmu,
apa marga saka kowe bumi bakal dadi
suwung sarta gunung parang mingsed
saka ing panggonane?
5 Ewasamono pepadhange wong duraka
bakal kapatenan,
lan urubing genine ora tetep sumunar.
6 Pepadhang ing sajroning tarube dadi
peteng,
lan diyane kang ana ing dhuwure mati.
7 Jangkahe kang santosa kaalang-alangan,
lan panimbange dhewe njalari tibane,
8 awit sikile dhewe marakake klebu ing jaring,
lan lakune liwat ing tutuping luwangan
pasangan.
9 Tungkake kena ing kala,
lan lakune banjur kandheg marga klebu
ing jiret.
10 Jalaran kapasangan tali kang kapendhem
ing lemah,
dalan kang diliwati dipasangi kala.
11 Ing saparan-parane tansah katempuh
lan kaoyak ing pagiris,
12 tansah dadi idham-idhamaning
kasangsaran,

lan karusakan nganti-anti marang tibane.
13 Kuliting awake kamangsa ing lelara,
malah gegelitaning awake padha
kamangsa ing pambareping pati.
14 Dheweke diseret saka ing tarube,
-- mangka iku panggonan kang
nentremake -- banjur kagawa menyang
ing ratuning pagiris.
15 Kang ana ing tarube mung kari apa kang
ora ana gegayutane karo dheweke;
papan padunungane kasawuran wlirang.
16 Oyode ing ngisor padha garing,
lan pange ing dhuwur padha alum.
17 Pangeling-eling tumrap dheweke sirna
saka ing bumi,
ana ing dalan-dalan jenenge wus ora
kasebut.
18 Dheweke ditundhung saka ing pepadhang
menyang ing pepeteng,
lan kabengkas saka ing donya,
19 ora bakal nduwe anak utawa putu ana ing
satengahe bangsane,
lan wong siji bae ora ana kang lestari urip
ana ing papan panggonane.
20 Wong-wong Kulon bakal gumun ing bab
patine,
lan wong-wong Wetan bakal padha wedi.
21 Iya kaya mangkono iku tinemune papan
panggonane wong kang lakune nasar,
lan iya kaya mangkono iku kadadeane
papan padunungane wong kang ora
nganggep marang Gusti Allah.”

Ayub yakin, yen Gusti Allah bakal ngrencangi dheweke

19:1-29

19 1 Ing kono Ayub banjur mangsuli,
pangucape:
2 "Nganti pira lawase anggonmu padha
nglarakake atiku
lan ngremuk aku kalawan tetembungan?
3 Saiki wus kaping sapuluh anggonmu
ngremehake aku,
kok ora isin nganiaya aku.
4 Manawa aku iki pancen kesasar,
rak aku dhewe kang nanggung anggonku
kesasar iku.
5 Manawa kowe nyata-nyata arep ngegung-
ngegungake dhiri ana ing ngarepku,
lan cacadku kokgawe bukti tumrap aku,
6 padha sumurupa, yen Gusti Allah wus
tumindak ora adil marang aku,
sarta aku dikrukub kalawan jaringe.
7 Lah aku nguwuh-uwuh: "Daksiya!" nanging
ora ana kang mangsuli.
Aku sesambat njaluk tulung, nanging ora
ana pangadilan.
8 Dalanku dialing-alingi ing tembok, satemah
aku ora bisa liwat,
sarta lurung-lurungku didadekake peteng.
9 Kaluhuranku dening Panjenengane wus
didhedheli,
sarta makuthaku wus karampas saka ing
sirahku.

10 Aku dibongkar babar pisan satemah aku sirna,
tuwin pangarep-arepku dibedhol kayadene wit-witan.
11 Bebendune marang aku mulad-mulad,
aku dianggep satrune.
12 Wadya-balane maju bebarengan,
ngalang-alangi dalan nglawan marang aku,
banjur ngepung tarubku.
13 Sadulurku padha diedohake saka ing aku,
sarta kawanuhanku padha pangling babar pisan marang aku.
14 Sanak-sanakku padha ngedoh
tuwin mitraku padha lali marang aku.
15 Wong-wong kang tunggal saomah karo aku lan para rewang wadon
padha ngarani aku wong liya,
sarta nganggep aku wong manca.
16 Rewangku dakundang, ora sumaur,
ndadak kudu dirimuk kalawan tembung manis.
17 Bojoku ora betah mambu ababku,
sarta ambuku bacin tumrap para sadulurku tunggal bapa biyung.
18 Dalasan bocah-bocah padha ngremehake aku;
saupama aku arep ngadeg banjur diisin-isin.
19 Kabeh mitraku kang becik padha eneg ndeleng aku,
sarta kang daktresnani padha ngungkurake aku.

20 Kulit lan dagingku padha kelet ing balungku
mung kari gusiku kang isih.
21 Welasa marang aku, welasa marang aku, heh mitra-mitraku,
amarga aku digepok dening astane Allah.
22 Yagene kowe padha ngoyak-oyak aku, kayadene Gusti Allah
sarta kok ora wareg-wareg anggonmu mangan dagingku?
23 Adhuh, muga tembung-tembungku katulisana
kacathetana ana ing kitab,
24 tinatahana kalawan wesi pangukir lan timbel
ana ing gunung parang kanggo ing salawas-lawase.
25 Nanging aku sumurup: Panebusku iku gesang,
sarta ing wekasane Panjenengane bakal jumeneng ana ing lebuning bumi.
26 Uga sawise kulite badanku rusak banget,
malah sanadyan tanpa dagingku
aku bakal ndeleng Gusti Allah,
27 kang bakal dakdeleng dhewe iku bakal mbelani aku;
mripatku dhewe kang ndeleng, dudu wong liya;
telenging atiku banget anggone cecengklungen.
28 Manawa kowe padha calathu: Aku bakal padha nuntut marang dheweke,

sarta bakal nyumurupi sababing prakarane,
29 padha wedia marang pedhang,
amarga kanepson iku kaukum pedhang,
supaya kowe padha sumurupa yen sanyata ana pangadilan.”

Zofar nerangake bab anggone Gusti Allah nyirnakake wong duraka sawise ngrasakake kasenengan sadhela

20:1-29

20 1 Zofar wong Naama tumuli mangsuli, pangucape:
2 “Mulane aku kapeksa mangsuli,
lan atiku wus ora sabar maneh.
3 Aku mentas krungu panutuh kang mirangake aku,
nanging kang mangsuli aku iku akal-budi kang tanpa nalar.
4 Apa kowe durung nyumurupi iku kabeh wiwit jaman kuna mula,
wiwit nalika manungsa dipapanake ana ing bumi,
5 manawa gambirane wong duraka iku ora awet,
sarta kasenengane wong kang nyingkur marang Gusti Allah iku mung sadhela?
6 Sanadyan anggone ngunggul-unggulake kaluhurane nganti sundhul ing langit,
lan sirahe nganti sundhul ing mega,
7 nanging bakal lebur ing salawase kayadene sesukere dhewe;

wong kang tau ndeleng dheweke padha
takon: Ana ngendi wong iku?
8 Bakal sirna kaya impen tanpa tilas,
ilang kaya wewarnan ing wayah bengi,
9 ora katon maneh ing mripat kang ndeleng,
lan papan padunungane ora bakal ndeleng
maneh.
10 Anak-anake kepeksa golek sih-piwelas
marang wong miskin,
sarta tangane dhewe kudu ngulungake
barang darbeke.
11 Sanadyan balung-balunge kebak
karosaning wong anom,
nanging iku iya bakal melu sumeleh ing
lebu.
12 Sanadyan rasane piala iku legi ana ing
cangkeme,
lan didhelikake ing ngisore ilate,
13 diiwit-iwit ora dilepeh-lepeh,
malah diemut bae tumempel ing cethake,
14 nanging pangane iku banjur owah ana ing
sajroning ususe,
dadi wisaning ula bedhudhak ana ing
wetenge.
15 Raja-brana diuntal nanging banjur
diutahake maneh,
Gusti Allah kang ngedalake saka ing
wetenge.
16 Wisaning ula bedhudhak bakal disesep,
mulane iya bakal dipateni dening ilating
ula.
17 Wus ora diparengake oleh kasenengan
saka kali-kali

lan saka ing kali-kali kang mili madu lan susu.
18 Kudu mbalekake apa-apa kang wus kena ginayuh mulane ora nganti ngrasakake oleh-olehane iku;
ora bisa ngenyam kauntungane anggone dedagangan.
19 Mulane mangkono awit wus gawe sangsarane wong miskin,
banjur ditinggal nglenthar;
ngrampas omah kang banjur ora dibangun.
20 Atine nyata-nyata ora tau tentrem,
dheweke ora bakal bisa oncat kalawan nggawa raja-branane.
21 Ora ana barang kang bisa oncat saka ing kamurkane,
mulane kabegjane ora bisa lestari.
22 Sanadyan sugih nganti luber-luber nanging atine kebak rasa kwatir;
kasangsaran kang tumempuh nggegirisi banget.
23 Kanggo ngiseni wetenge
Gusti Allah ndhawahake bebendune kang mulad-mulad kang diudanake minangka pangane.
24 Sanadyan bisa ngoncati gegaman wesi,
nanging banjur kena tinembus ing panah tembaga.
25 Panah mau kadudud lan metu saka ing gegere
bedhoring panah katon gumilap metu saka ing rempelune.
Wong mau banjur wedi banget.

26 Pepeteng wus cumawis kanggo dheweke,
kang nuli kamangsa ing geni,
geni kang ora dinamonan kang iya banjur
nglebur apa kang isih kari ana ing
tarube.
27 Pialane kabeber dening langit,
sarta bumi tumuli gumregah nglawan
marang dheweke.
28 Oleh-olehane pambudidayane kang ana
ing omahe padha diangkut
nganti entek kabeh ing dina bebenduning
Allah.
29 Yaiku ganjaraning Allah marang wong
duraka,
panduman pusaka kang dijanjekake
dening Allah marang wong mau."

Wangsulane Ayub: ana ing donya kene, wong duraka katone oleh kabegjan kang awet

21:1-34

21 1 Nanging Ayub mangsuli, pangucape:
2 "Rungokna kang temenan ta
calathuku,
iku minangkaa panglipurmu.
3 Aku sabarana, aku dakcalathu,
sawuse iku kowe padha kena memada.
4 Apa marang manungsa anggonku sesambat
sarta kapriye anggonku ora pegel atiku?
5 Aku ingetna, temah kowe bakal padha
kaeraman
lan nutup tutukmu kalawan tangan.

6 Manawa dakpikir, aku dadi wedi
lan awakku banjur gumeter.
7 Yagene wong duraka kok lestari urip,
dadi tuwa, malah wuwuh-wuwuh
kakuwatane?
8 Tansah rinubung ing anak putune,
turune padha ana ing ngareping mripate.
9 Omahe padha tentrem, ora ana rasa wedi
ora ketiban ing gebaging Allah.
10 Sapine lanang padha macek lan mesthi
dadi,
sapine wadon padha manak ora tau
keluron.
11 Anak-anake lanang padha diumbar kaya
pepanthan wedhus;
anak-anake padha alincak-lincak,
12 padha tetembangan digameli trebang lan
clempung,
sarta padha bungah-bungah manut
swaraning suling.
13 Sajege urip padha ngrasakake kamukten
lan kalawan tentrem anggone tumurun ing
jagate wong mati.
14 Nanging ujare marang Gusti Allah:
Sumingkira saka ing aku!
Aku padha ora seneng nyumurupi
dalan-dalanmu.
15 Kang Mahakuwasa iku sapa ta, dene
aku kok padha kudu ngabekti marang
Panjenengane,
sarta apa gunane, manawa aku padha
nyenyuwun marang Panjenengane?

16 Pancen, kabegjane iku ora dumunung ana ing tangane.
Rancangane wong duraka iku adoh saka ing aku.
17 Damare wong duraka iku kerep dipateni;
padha ketaman ing sangsara,
sarta padha kapanduman kasusahan dening Allah sajroning bendu.
18 Padha kaya dami ana ing ngareping angin,
kaya mrambut kabur ing prahara.
19 Bilaine kasimpen dening Allah kanggo anak-anake.
Prayogane wong iku dhewe kang diganjar dening Gusti Allah, supaya krasa,
20 prayogane mripate dhewe supaya nyumurupi karusakane,
lan awake dhewe ngombe bebendune Kang Mahakuwasa!
21 Awit dheweke isih mreduli apa marang brayate sawuse mati,
yen wus entek gunggunging sasine?
22 Mangsa Gusti Allah kok dicaosi piwulang dening manungsa,
Panjenengane kang ngadili wong-wong mau saka ing ngaluhur!
23 Ana wong kang matine isih kadunungan kakuwatan pepak,
kalawan tentrem lan santosa,
24 bangkekane lemu dening gajih,
lan sungsume balung-balunge isih seger.
25 Ana maneh kang matine kalawan lara atine,
lan ora tau ngrasakake kanikmatan.

26 Nanging kabeh padha sumeleh ing
sajroning lemah,
lan padha karubung ing set.
27 Lah aku wus sumurup, kang dadi
pikiranmu,
lan akal kaculikan kang kokrancang
tumrap aku.
28 Ujarmu: Ngendi omahe kang nyekel
pangwasa,
endi tarub kang dienggoni dening
wong-wong duraka?
29 Apa kowe padha durung tau takon marang
wong-wong kang lumaku ing dalan?
Apa kowe bisa mbantah marang pituduhe,
30 yaiku manawa wong ala dieman samangsa
dina bilai,
lan diuwalake ing dina bebenduning Allah?
31 Sapa kang bakal terus nggugat bab
kalakuane
lan ngganjar marang panggawene?
32 Dheweke digawa menyang ing pakuburan,
lan kubure direksa ing wong.
33 Kapenak anggone katutupan ing
prongkalan-prongkalan lemah ing lebak;
saben wong ngetutake dheweke,
lan kang wus ndhisiki tanpa wilangan.
34 Banget kothonge panglipurmu marang aku
iku!
Kabeh wangsulanmu iku mung apus-apus
blaka.”

Elifas mrayogakake Ayub supaya mratobat

22:1-30

22 1 Elifas, wong Teman banjur mangsuli, pangucape:
2 "Manungsa iku apa maedahi tumrap Gusti Allah?
Ora, wong kang nduweni akal-budi iku mung migunani tumrap awake dhewe.
3 Manawa kowe bener apa ana paedahe tumrap Kang Mahakuwasa,
utawa manawa uripmu iku utama,
apa Panjenengane angsal kauntungan?
4 Apa marga saka pangabektimu anggonmu kasiksa
lan kaparakake marang ing pangadilan dening Panjenengane?
5 Rak marga saka gedhening pialamu
lan tanpa wilangan kaluputanmu?
6 Awit kalawan sawenang-wenang anggonmu nampani gadhen saka sadulur-sadulurmu,
lan ngrampas sandhangane para wong miskin.
7 Wong kang ngelak ora kokwenehi ngombe,
wong kang keluwen ora kokwenehi mangan,
8 nanging wong kang santosa iku kang nduweni bumi,
lan wong kang luhur-luhur iku kang ngenggoni.

9 Randha-randha padha koktundhung
nglenthung
lan baune bocah-bocah lola padha
kokremuk.
10 Mulane kowe kinalang-kalang ing kala,
tuwin dadakan tinempuh ing pagiris.
11 Padhangmu dadi peteng satemah kowe ora
bisa ndeleng,
lan banjur kleleb ing banjir.
12 Gusti Allah rak lenggah ing langit kang
dhuwur?
Delengen ta lintang-lintang kang dhuwur
dhewe, iba-iba dhuwure!
13 Nanging ujarmu: Gusti Allah mirsa apa?
Apa Panjenengane saged ngadili saka ing
sadhuwure mega-mega kang peteng?
14 Panjenengane kalimputan ing mega
satemah ora bisa mirsani;
Panjenengane ameng-ameng ing
cakrawala.
15 Apa kowe arep tetep lumaku ing dalan
kang lawas,
kang diambah dening para wong ala,
16 kang wus padha sinendhal sadurunge
mangsa,
kang bumine larud kebanjiran,
17 kang padha duwe ujar marang Gusti Allah:
Sumingkira saka ing aku,
Kang Mahakuwasa bisa ngapakake aku?
18 Ewasamono iya Panjenengane iku kang
ngebaki omahe kalawan samubarang
kang becik --

nanging rancangane wong duraka iku adoh
saka ing aku.
19 Para wong mursid padha ndeleng lan
padha bungah;
sarta wong kang tanpa kaluputan padha
moyoki, calathune:
20 Sanyata, satruku wus tumpes,
lan apa kang katinggal wus entek
kamangsa ing geni.
21 Dirukun kalawan Gusti Allah supaya kowe
tentrem;
sarana mangkono kowe bakal oleh
kabegjan.
22 Tampanana piwulanging lesane,
tuwin pangandikane simpenen ing
sajroning atimu.
23 Manawa kowe mratobat marang Kang
Mahakuwasa lan ngesorake dhiri;
manawa kowe ngedohake piala saka ing
tarubmu,
24 mbuwang wiji emas ing lebu
emas Ofir ing satengahing watu-watu ing
kali,
25 tuwin manawa Kang Mahakuwasa iku dadi
tumpukanmu emas
lan salakamu kang endah,
26 ing kono kowe mesthi ngrasakake
kasenengan marga Kang Mahakuwasa
tuwin bakal tumenga marang Gusti Allah.
27 Manawa kowe ndedonga marang
Panjenengane, mesthi disembadani,
sarta kowe bakal ngluwari ujarmu.

28 Manawa kowe mutus arep nindakake
sawijining bab, mesthi bakal kelakon
kekarepanmu
lan dalan-dalanmu bakal kasunaran ing
cahyaning pepadhang.
29 Amarga Gusti Allah iku ngesorake wong
kang angkuh
nanging ngganjar karahayon marang wong
kang tumungkul.
30 Wong kang ora kaluputan bakal dipitulungi,
mangkono uga anggonmu kapitulungan
iku marga saka resiking tanganmu.”

Ayub kapengin ngembani prakarane ana ing ngarsane Gusti Allah

23:1-17

23 1 Nanging Ayub mangsuli, pangucape:
2 “Saiki pasambatku dadi pambalela,
astane menet aku, satemah aku sesambat.
3 Ah, muga aku bisa sumurup kapriye
anggonku ketemu kalawan
Panjenengane,
lan diparengake sowan marang ing
daleme.
4 Aku banjur bakal njlentrehake prakaraku
ana ing ngarsane,
lan cangkemku bakal dakkebaki atur
panjawab.
5 Aku mesthi bakal nyumurupi wangsulan-
wangsulan kang diparingake marang
aku,

sarta aku bakal mangreti, apa kang
dipangandikakake marang aku.
6 Apa Panjenengane kang asipat Mahakwaos
iku karsa prakaran kalawan aku?
Ora, Panjenengane mesthi bakal
ngudaneni aku.
7 Wong kang jujur iku kang bakal nglawan
padu ana ing ngarsane,
lan aku mesthi bakal uwal babar pisan
saka ing Hakimku.
8 Manawa aku lumaku mangetan,
panjenengane ora ana ing kana,
utawa mangulon, aku ora mrangguli
Panjenengane.
9 Dakgoleki mangalor, Panjenengane ora
katingal;
genti mangidul, aku ora sumurup
Panjenengane.
10 Dhasar Panjenegane nguningani lakuning
uripku;
manawa aku dileler, kaya emas anggonku
metu.
11 Sikilku tetep ndherekake tindake,
aku lumaku ing margine lan ora bakal
nyimpang.
12 Parentah kang miyos saka ing lathine ora
dakterak;
dhawuhing lesane daksimpen ing sajroning
atiku.
13 Nanging Panjenengane ora tau ewah --
Sapa kang bisa ngalang-alangi
Panjenengane?

Apa kang dikarsakake, iya banjur
ditindakake.
14 Awit Panjenengane bakal ngrampungake
apa kang wus katetepake tumrap aku,
lan isih akeh bab-bab liyane kang kaya
mangkono kang dikarsakake.
15 Mulane atiku gumeter ana ing ngarsane,
manawa iku kabeh dakpikir,
aku banjur wedi banget marang
Panjenengane.
16 Gusti Allah wus damel aku semplah
Kang Mahakuwasa wus damel atiku
gemeter,
17 sabab aku sirna ora marga saka pepeteng,
lan uga ora marga saka raiku katutupan
ing peteng ndhedhet."

Gusti Allah iku kaya-kaya ora mreduli marang piala

24:1-25

24 1 "Yagene wektune pangadilan
ora kapesthekake dening Kang
Mahakuwasa?
Yagene wong kang ngabekti ora sumurup
ing dinane pangadilan?
2 Ana wong kang padha ngowahi watesing
palemahan,
kang ngrampas pepanthan kewan banjur
diengon dhewe.
3 Kuldine bocah lola diinggatake
lan sapine wadon randha digadhe.
4 Wong miskin padha disingkang-singkang,

wong kesrakat ing sajroning nagara
kepeksa padha ndhelik kabeh.
5 Lah kaya kuldi alas ing ara-ara samun
anggone padha metu arep nyambut gawe
golek pangan ing tanah bera kanggo
anak-anake.
6 Ana ing pategalan padha njupuki panganing
kewan,
lan ana ing kebone anggur wong duraka
padha methiki woh kekarene.
7 Padha nginep kalawan wuda, amarga ora
duwe sandhangan,
sarta ora duwe kemul ing wektu adhem;
8 padha klebus marga saka deresing udan ing
pagunungan,
lan sarehne ora ana papan kanggo ngeyub,
banjur kepeksa ndhepipis ing parang.
9 Ana kang ngrebut bocah yatim saka ing
susune biyunge,
sarta nggadhe bayine wong miskin.
10 Padha klambrangan kalawan wuda, tanpa
sandhangan,
lan padha mikul gedheng-gedhengan
gandum kalawan keluwen.
11 Padha mipit lenga ana ing antarane kebon
rong guthek
padha ngiles-iles pamipitan anggur
kalawan kasatan.
12 Padha krungu pangglurуhe wong-wong
kang wis meh mati saka ing kutha,
lan panjeriting wong-wong kang nandhang
tatu,

nanging Gusti Allah ora miyarsakake
pandongane.
13 Ana maneh golongan kang nyatru marang
pepadhang
kang ora sumurup marang margining Allah
lan ora tetep ngambah ing lelurung
pitedahe.
14 Sadurunge wayah bangun esuk durjana
tumandang mateni
wong kesrakat lan wong miskin,
dene yen bengi tumindake kaya maling.
15 Wong kang laku jina ngenteni wayah
repet-repet,
awit pamikire: Aku aja nganti kaweruhan
ing wong;
banjur raine dikudhungi.
16 Samangsa peteng padha mbabah omah,
yen awan padha ndhelik,
ora gelem ndeleng pepadhang,
17 awit tumraping wong-wong iku peteng iku
esuk,
lan wus padha kulina marang peteng
ndhedhet kang nggegirisi.
18 Padha keli ana ing lumahing banyu,
bageane kang ana ing bumi kena ing
ipat-ipat;
padha ora menyang ing pakebonane
anggur maneh.
19 Banyuning salju kasirnakake dening ketiga
ngerak lan panasing srengenge,
kaya mangkono uga tumindaking jagading
wong mati
marang wong kang nglakoni dosa,

20 wus ora dielingi dening guwa-garbaning
biyung,
dikrikiti ing eset
ora ana kang ngelingi,
dadine duraka iku tinugel kaya wit-witan.
21 Wong kang ngrayah darbeke wong gabug
kang ora duwe anak,
lan ora gawe becik marang randha,
22 malah wong-wong prakosa padha disered
kalawan kakuwatane;
iku tangi maneh, mangka uripe ora ana
kang dijagakake.
23 Gusti Allah maringi katentreman kang dadi
gondhelane,
lan mirsani salakune.
24 Mung sadhela anggone padha sumengka
nganti dhuwur nanging banjur wus ora
ana.
Padha diesorake nuli dadi alum kaya
samubarang kabeh,
tumuli pinunggel kaya pucuking dami.
25 Manawa ora mangkono anane, sapa kang
wani madoni aku
lan ngapesake tembungku?"

Wangsulane Bildad, ora ana wong tanpa kaluputan ing ngarsane Gusti Allah

25:1-6

25 1 Bildad, wong Suah mangsuli
calathune:
2 "Pangwasa lan kaanan kang nggegirisi iku
ana ing Panjenengane,

kang nitahake karukunan ana ing ngaluhur.
3 Wadya-balane apa ana kang bisa ngetung?
Lan sapa kang ora kasunaran ing pepadhange?
4 Manungsa kapriye anggone bisa bener ana ing ngarsaning Allah?
Tuwin kang lair saka wong wadon kapriye anggone suci?
5 Lah ta, sanadyan rembulan iya ora padhang,
sarta lintang-lintang uga ora resik ana ing ngarsane.
6 Apa maneh manungsa kang prasasat eset,
anake manungsa kang prasasat singgat!”

Ayub mangsuli: Sapa kang mangreti marang kamulyaning Allah?

26:1-14

26 1 Ayub mangsuli, pangucape:
2 “Becik banget anggonmu mitulungi marang wong apes,
sarta anggonmu mbiyantu wong kang tangane tanpa daya.
3 Becik banget pituturmu marang wong kang ora kadunungan kawicaksanan
lan kawruh kang kokwulangake nganti mbludag!
4 Anggonmu ngucapake tembung-tembung iku adhedhasar panemune sapa,
lan pikirane sapa kang koklairake iku?
5 Para kang wus mati padha gumeter
mangkono uga banyu dalah saisine.

6 Jagade wong mati ngegla ana ing
ngarsaning Allah,
lan papaning pati iya ora ana tutupe.
7 Gusti Allah mentheng langit lor mayungi
awang-uwung,
lan nggantung bumi tanpa canthelan.
8 Banyu kabuntel ing mendhunge,
ewasamono mendhunge ora suwek.
9 Dhampare tinutupan dadi ora kena
sinawang
marga kaaling-alingan ing mendhunge.
10 Lumahing banyu wus winatesan kalawan
buwengan
nganti tekan ing antarane pepadhang lan
pepeteng.
11 Saka-sakaning langit padha gonjang-
ganjing
kaget marga saka bebendune.
12 Sagara disirepake sarana pangwasane,
sarta sarana kawicaksanane anggone
nggecak marang Rahab.
13 Sarana napase langit kadadekake terang,
tuwin naga kang cukat tinuwek dening
astane.
14 Lah iku kabeh mau lagi mung poncot-
poncoting margine,
saiba ta lirihe sabawane kang kita rungu
saka ing Panjenengane!
Sapa kang bisa mangreti marang
gumlegere tumindaking pangwasane?”

Wong duraka iku tanpa pangarep-arep

27:1-23

27 1 Ayub mbacutake andharane, tembunge:
2 "Demi Allah kang ora paring kaadilan marang aku
lan demi Kang Mahakuwasa kang nandukake pait-getir marang nyawaku,
3 salawase ambekanku durung suda,
sarta napas kang saka ing Gusti Allah isih ana ing irungku,
4 lambeku sanyata ora bakal ngucapake kang dora
lan ilatku ora bakal nglairake kaculikan.
5 Aku babar pisan ora mbenerake kowe!
Nganti aku mati aku tetep ngukuhi, yen aku ora luput.
6 Kabeneranku dakgondheli kenceng, lan ora bakal dakeculake;
atiku ora bisa nacad dinane uripku siji-sijia.
7 Mungsuhku cikben ngrasakake kaya wong duraka,
lan wong kang nglawan marang aku kaya wong culika.
8 Awit apa ta pangarep-arepe wong duraka,
manawa Gusti Allah munggel lan mundhut uripe?
9 Apa Gusti Allah bakal midhangetake panjerite,
manawa ketaman ing karupekan?

10 Apa bisa seneng-seneng marga saka Kang Mahakuwasa
sarta tansah nyebut marang Gusti Allah?
11 Aku arep nyumurupake marang kowe bab astaning Allah,
apa kang dikarsakake dening Kang Mahakuwasa ora bakal daksidhem.
12 Sabenere kowe kabeh wus padha nyumurupi dhewe;
yagene kowe padha mikir kang ora-ora?
13 Yaiki pandumane wong duraka kang katemtokake dening Gusti Allah,
lan ganjarane wong ambek-siya peparinge Kang Mahakuwasa:
14 manawa anake dadi akeh padha dadi pakaning pedhang
sarta anak-putune bakal kekurangan pangan.
15 Dene kang isih urip bakal mudhun marang kluwat marga saka pageblug,
ora kalawan ditangisi dening randhane.
16 Manawa numpuk bandha kehe nganti kaya lebu,
lan numpuk sandhangan nganti kaya lempung,
17 sanadyan dheweke kang numpuk,
nanging kang nganggo wong kang bener,
sarta wong kang ora salah kang bakal ngedum-edum dhuwite iku.
18 Anggone ngedegake omah kaya jaringing kemangga,
kaya gubug gaweane tukang jaga.

19 Anggone nggleyeh kaya wong sugih,
nanging iku ora bakal kelakon maneh,
bareng ngelekake mripate, samubarang
kabeh wus ora ana.
20 Wong mau tinempuh ing pagiris kayadene
panempuhing banjir,
ing wayah bengi kagawa kabur ing
prahara,
21 kabandhang dening angin wetan nganti
sirna,
kabuncang saka ing panggonane.
22 Binenturan dening Allah tanpa welas,
kalawan gugup anggone ngoncati astane.
23 Dikeploki ing wong akeh
sarta disingsoti saka ing papan
panggonane."

Manungsa ora bisa nemu kawicaksanan

28:1-28

28 1 "Pancen ana papan pamelikan salaka
lan papan panglimbangan emas.
2 Wesi didhudhuk saka ing lemah
sarta tembaga metu saka ing watu kang
ingejer.
3 Pepeteng diuwisi dening wong,
nganti tekan teleng kang jero-jero
anggone nliti watu-watu
kang ana ing pepeteng lan ing palimengan.
4 Wong kang padha ndhudhuk pamelikan iku
adoh saka papan padunungane wong
akeh,

padha dilalekake dening wong kang padha
lumaku ing dhuwur
padha nggandhul geyang-geyong tanpa
ancik-ancik adoh karo wong akeh.
5 Bumi kang nuwuhake gandum,
ngisore kawolak-walik kaya dening geni.
6 Watune kadunungan watu manila
kang isi mas ure.
7 Dalane mrana ora kasumurupan ing manuk
galak siji-sijia
lan ora kaweruhan ing matane manuk
bidho,
8 ora kaambah ing kewan galak,
lan iya ora ana singa kang liwat ing kono.
9 Watu kelang uga ditandangi dening
manungsa,
gunung-gunung padha didhungkari tekan
ing dhasare.
10 Gunung parang padha diboboki digawe
trowongan,
mripate ndeleng samubarang kang adi.
11 Rembesing kali-kali padha dibunteti
lan apa kang sumimpen diwetokake
marang ing pepadhang.
12 Nanging kawicaksanan iku tinemune ana
ing ngendi,
lan ana ing ngendi dununge akalbudi?
13 Manungsa ora sumurup marang ajine,
sarta iku iya ora tinemu ing bumine wong
urip.
14 Calathune teleng: Aku ora kanggonan.
Ujare sagara: Aku ora kadunungan.
15 Ora kena diijoli ing emas murni,

utawa diregani kalawan salaka.
16 Ora kena diregani nganggo emas Ofir
utawa nganggo sotya soham kang larang
lan manila kang adi,
17 ora kena ditandhing karo emas utawa
kaca,
utawa diijoli rerenggan emas murni.
18 Giwang utawa kristal iku sapele yen
katimbang karo iku.
Ndarbeni kawicaksanan iku luwih becik
tinimbang mutyara.
19 Sotya cepaka saka ing tanah Etiopia iya
ora bisa nandhingi;
iya ora kena diajeni nganggo emas murni.
20 Kawicaksanan iku saka ngendi asale,
lan akal-budi iku ana ngendi panggonane?
21 Iku sinamar tumrap mripate wong urip,
malah uga sinamar tumrap manuk ing
awang-awang.
22 Kasusahan lan pati calathu:
Kupingku mung krungu wartane bae.
23 Gusti Allah kang mirsa dalan kang anjog
marang kawicaksanan
sarta nguningani dunungе.
24 Amarga paningale nyrambahi tekan ing
pungkasane bumi,
sarta mirsa apa kang ana ing sangisoring
langit kabeh.
25 Nalika Panjenengane netepake
kakuwataning angin,
lan nemtokake kehing banyu,
26 nalika damel katetepan tumrap udan
lan dalaning kilate gludhug,

27 nalika iku Panjenengane nguningani
kawicaksanan kang banjur kawartakake,
katetepake, malah iya katiti-priksa;
28 nanging marang manungsa pangandikane:
Lah pangabekti marang Pangeran iku
kawicaksanan sarta nyingkiri piala iku
akal-budi.”

Ayub nerangake kabegjane ing maune lan bareng nandhang sangsara

29:1-25

29 1 Ayub tumuli mbacutake andharane,
calathune:
2 “Ah, bok iya aku kaya sasi-sasi kang
kepungkur,
kaya ing dina-dina nalika Gusti Allah
rumeksa marang aku,
3 nalika dilahe mayungi sirahku,
sarta kalawan sinuluhan ing padhange
anggonku lumaku ing pepeteng;
4 kaya nalika mempeng-mempenging
umurku,
nalika tarubku kayoman ing pitepanganing
Allah,
5 nalika Kang Mahakuwasa isih nunggil karo
aku,
tuwin aku rinubung ing anak-anakku,
6 nalika tapaking sikilku adus susu,
lan gunung parang padha metu kaline
lenga ana ing sacedhakku.
7 Samangsa aku metu menyang ing
sakethenging kutha,

tuwin nata palungguhanku ana ing
tengahing alun-alun,
8 para nonoman bareng weruh tekaku banjur
padha mundur,
dene para wong kang wus uwanen padha
ngadeg mapan;
9 para panggedhe padha leren anggone
guneman
padha nutupi tutuke;
10 sidhem swarane para pangarep,
ilate kraket ing cethake.
11 Samangsa kuping krungu bab aku, aku
banjur diarani rahayu,
lan saben mripat kang ndeleng, aku mesthi
dialembana.
12 Awit wong kang sangsara kang njaluk
tulung iya banjur dakpitulungi,
samono uga bocah lola lan wong kang sepi
ing pitulungan.
13 Wong kang arep nemu bilai ngucapake
berkah marang aku,
sarta aku gawe bungahing atine randha.
14 Kabeneran kang dadi sandhanganku
tuwin aku nganggo kaadilan kayajubah lan
sreban.
15 Aku dadi mripat tumrap wong wuta,
sarta dadi sikil tumrap wong lumpuh.
16 Aku dadi bapa tumrap wong miskin,
tuwin prakarane wong kang dudu
kawanuhanku daktiti-priksa.
17 Wong dursila dakremuk untune,
lan memangsane dakrebut saka ing
cangkeme.

18 Osikku mangkene: Aku bakal sirna bareng karo susuhku,
lan ngakehake dinaku kaya manuk feniks.
19 Oyodku tekan ing banyu,
lan pang-pangku padha kainepan ebun.
20 Aku tansah kadunungan kamulyan kang seger,
sarta gandhewaku pulih nom ana ing tanganku.
21 Wong padha ngrungokake sapituturku kalawan panganti-anti,
padha nampani pituduhku kalawan meneng.
22 Sarampunging pituturku, ora ana wong kang calathu maneh,
sarta tembung-tembungku padha tumetes marang wong-wong mau.
23 Aku diarep-arep kayadene ngenteni tibane udan,
tuwin padha ngangapake cangkeme kaya nadhahi udan kiriman.
24 Padha daksumehi manawa padha semplah,
lan padha ora bisa nyuremake cahyaning raiku.
25 Aku kang nemtokake dalane lan dadi pemimpine.
Aku lungguh kaya ratu ana ing satengahing rakyat,
kayadene wong kang nglipur marang kang padha nandhang susah.”

Ayub ngadhuh-adhuh bab kaanane nalika samana

30:1-31

30 1 “Nanging saiki aku digeguyu dening wong,
kang umure luwih enom katimbang aku,
kang bapakne padha dakwawas ora pantes
sanadyan mung dipapanake bebarengan
karo asu kang njaga wedhus-wedhusku.
2 Lan maneh kakuwataning tangane iku apa
gunane tumrap aku,
amarga wus kentekan kakuwatan;
3 padha gering dening kecingkrangan lan
keluwen,
padha ngrikiti palemahan kang bera,
grumbul ing pasamunan lan tanah kang
mati;
4 padha reramban gegodhongan asin ana ing
grumbulan
lan oyoding wit rotem dadi pangane,
5 padha katundhung saka ing pasrawungan
sarta dielok-elokake kaya maling,
6 padha kepeksa manggon ing lembah-
lembah kang nggegirisi,
ing luweng-luwenging bumi lan ing
sela-selaning gunung;
7 padha gereng-gereng ana ing satengahing
gegrumbulan,
pating gloso ana ing sangisoring
lateng-lateng;
8 padha wong gemblung kang tanpa aji,

kang wus digurak saka ing nagara.
9 Nanging aku saiki dadi uran-uran semonan
lan pepoyokan tumrap wong-wong iku.
10 Aku dianggep njijiki, padha ngedohi aku
lan ora bisa ngampah anggone ngidoni
raiku,
11 awit talining tarubku wis diuculi dening
Gusti Allah sarta aku diesorake
apadene wong-wong padha tumindak
tanpa rikuh-rikuh marang aku.
12 Ing satengenku muncul grombolan,
kang mbanjur njegal sikilku,
sarta masangi aku dalaning karusakan;
13 dalanku dibongkar-bongkar lan ngarah
tibaku,
ora ana kang ngalang-alangi tumindake.
14 Anggone nempuh kaya ngliwati lowahaning
tembok kang amba;
tekane gegrombolan gilir gumanti ana ing
tengahing jugrugan.
15 Aku dibyuki ing pagiris,
kamulyanku kabur sirna kayadene katut
ing angin
lan kabegjanku larud kaya mega.
16 Awit saka iku nyawaku lebur ana ing
jeroku;
aku katukup ing dina-dina kasangsaran.
17 Ing wayah bengi balung-balungku kaya
dikrokoti,
sarta rasa lara kaya dicocogi tanpa leren.
18 Sandhanganku suwek marga dening tindak
keras kang ora bisa dilawan,

mulane pating klewer ana ing awakku kaya kemeja.
19 Aku dijorogake dening Gusti Allah menyang ing jeblogan
lan rupaku wus kaya lebu lan awu.
20 Kawula sesambat nyuwun tulung dhateng Paduka, nanging Paduka boten paring wangsulan,
kawula ngadeg ngantos-antos,
nanging Paduka boten mreduli dhateng kawula.
21 Paduka santun dados ambek-siya dhumateng kawula,
kawula Paduka mengsah kalayan kakiyataning asta Paduka
22 kawula Paduka tumpangaken ing angin saha lajeng kabur,
nunten Paduka lebur wonten ing salebeting prahara.
23 Inggih kawula mangretos, kawula Paduka purugaken dhateng ing pejah,
dhateng papan paklempakaning sadaya ingkang gesang.
24 Lah apa iya wong ora bakal mulungake tangane marang kang ambruk,
manawa ing sajroninng kacilakane ora ana kang nulungi?
25 Aku rak iya nangis marga saka anane wong kang karupekan?
Atiku rak susah marga saka sumurup wong miskin?
26 Aku nganti-anti marang kang becik, nanging piala kang teka;

aku ngarep-arep pepadhang, nanging
pepeteng kang teka.
27 Batinku molak-malik tanpa leren,
aku katempuh ing dina-dina kasangsaran.
28 Aku klambrangan kalawan sedhih, ora bisa
lipur;
aku ngadeg ing satengahing wong-wong
kang padha nglumpuk kalawan
sesambat njaluk tulung.
29 Aku wus dadi sadulure asu ajag
lan kancane manuk unta.
30 Kulitku dadi ireng lan nglokop-nglokop
saka ing awakku,
balung-balungku dadi garing marga saka
lara panas.
31 Clempungku ngunekake lagu tangisan,
lan unining sulingku memper swaraning
wong nangis."

Ayub pratela sapisan maneh, yen ora duwe kaluputan

31:1-40

31 1 "Aku wus gawe prajanjian kalawan
mripatku,
mulane mangsa yen aku ngantia mandeng
marang prawan!
2 Awit apa ta kang dadi ganjaran kang
kapesthekake dening Gusti Allah saka
ing ngaluhur,
lan apa ta kang dadi panduman kang
katetepake dening Kang Mahakwasa
saka ing ngaluhur?

3 Apa dudu bilai tumrap wong kang luput,
lan kacilakan tumrap wong kang nindakake piala?
4 Apa dudu Gusti Allah kang mirsani dalanku,
lan kang ngetang sakehing jangkahku?
5 Manawa aku tau srawungan karo ujar pagorohan
utawa sikilku enggal-enggal marani kaculikan,
6 muga aku ditimbanga ing traju kang tliti,
ing kono Gusti Allah bakal uninga,
manawa aku ora duwe kaluputan.
7 Manawa lakuku nyimpang saka ing dalan,
lan atiku nuruti pamandenging mripatku,
sarta tanganku katemplekan ing rereged,
8 apa kang daksebar cikben dipangan wong liya,
lan apa kang thukul kanggo aku cikben dibedholi.
9 Manawa atiku katarik marang wong wadon,
sarta aku ngadhang ana ing lawanging pepadhaku,
10 bojoku cikben nggilingake wong liya,
lan cikben diajak turu wong liya.
11 Awit iku tindak kang rusuh,
malah iku piala kang pantes diukum dening hakim.
12 Iku sanyatane geni kang memangsa nganti entek,
sarta nggesengake kabeh pametuku.
13 Manawa aku tau ora mikir marang hake baturku lanang utawa wadon,
nalika prakaran karo aku,

14 apa daya-kakuwatanku, manawa Gusti Allah banjur jumeneng,
manawa Panjenengane nganakake papriksan,
aku ngunjukake wangsulan kapriye?
15 Apa dudu Panjenengane kang nitahake aku ana ing guwa-garba, lan kang uga nitahake wong mau?
Rak mung siji ta kang nganakake aku kabeh ana ing guwa-garba?
16 Manawa aku tau nduwa pepenginane para wong cilik,
njalari mripating randha dadi bengep
17 utawa panganku dakpangan dhewe,
mangka anak yatim ora melu mangan
18 -- malah kayadene bapa anggonku nggedhekake bocah mau,
sarta anggonku nuntun wiwit ana ing guwa-garbane biyunge --
19 manawa aku weruh wong mati marga tanpa sandhangan,
utawa wong miskin kang ora duwe kemul,
20 lan bangkekane ora njalukake berkah aku
tuwin awake ora diangetake nganggo wuluning wedhusku;
21 manawa aku tau ngagagake tanganku marang bocah lola,
marga aku weruh wong kang mbiyantu aku ana ing saketheng,
22 cikben balungku walikat kapisah saka ing bauku,
sarta lengenku cikben kaputung saka ing ros-rosane.

23 Amarga cilaka kang saka ing Allah
ndadekake wediku,
tuwin aku tanpa daya ana ing ngarsaning
kaluhurane.
24 Manawa kang dakpracaya iku emas
lan aku calathu marang kencana:
kowe kang dadi andel-andelku
25 manawa aku bungah marga saka
gedhening kasugihanku
lan marga tanganku ngolehake raja-brana
nganti akeh banget,
26 manawa aku tau nyawang srengenge
nalika sumorot,
lan rembulan anggone lumaku kalawan
kaendahan,
27 satemah meneng-meneng atiku kenyut,
lan banjur aweh cucupan tangan,
28 iku uga dadi duraka
kang pantes diukum dening hakim,
amarga aku nyelaku Gusti Allah kang ana
ing ngaluhur.
29 Manawa aku tau bungah marga satruku
kacilakan,
lan surak-surak, manawa dheweke
katempuh ing kasangsaran --
30 aku ora bakal ngolehake cangkemku gawe
dosa,
mujekake matine kalawan sumpah --
31 Manawa wong-wong ing tarubku ora muni:
Sapa kang ora wareg marga saka
lelawuhane --
32 malah sanadyan wong manca ora tau ana
kang nginep ing jaba,

lawangku padha kawengakake kanggo
wong lelungan! --
33 Manawa aku nutupi panerakku kayadene
Rama Adam,
kalawan ndhelikake kaluputanku ana ing
sajroning atiku,
34 awit aku pakewuh marang masarakat
lan wedi marang panacade sanak-sadulur,
satemah aku banjur meneng bae lan ora
metu saka ing lawang!
35 Ah, bok ana kang ngrungokake aku ya!
-- ya iki tandha-tanganku! Kang
Mahakwasa muga karsaa paring
wangsulan marang aku! --
Lan bok iya ana layang pandakwa kang
katulis dening lawananku!
36 Temenan, layang iku bakal dakpanggul
lan dakanggo kayadene makutha.
37 Kabeh jangkahku bakal dakuningakake
marang Panjenengane,
aku bakal seba marang ing ngarsane
kayadene raja.
38 Manawa pategalanku sesambat marga
saka aku,
lan singkalane padha nangis,
39 manawa aku mangan pametune nganti
entek tanpa bayaran
lan gawe susahe para kang duwe,
40 kang thukul muga dudu gandum nanging
eri,
lan dudu sair nanging alang-alang.”
Tekan samono pangucape Ayub.

BAB 32--37 PANEMUNE ELIHU

Elihu rumangsa uga wenang nglairake panemu

32:1-22

32 1 Ing kono wong telu mau banjur
nguwisi anggone mangsuli marang
Ayub, marga Ayub ngarani bener awake
dhewe; 2 temah Elihu bin Barakheel, wong
Bus, saka darahe Ram, nepsu. Anggone nepsu
marang Ayub iku awit nganggep awake dhewe
luwih bener katimbang Gusti Allah. 3 Mitrane
telu-telune uga dinepsoni, awit sanadyan
wis ora bisa madoni, ewadene netepake
kaluputane Ayub. 4 Nanging Elihu nyrantekake
anggone arep rembugan karo Ayub; mulane
mangkono awit mitra telu mau luwih tuwa
tinimbang dheweke. 5 Nanging bareng weruh
yen tutuke wong telu iku wis ora mangsuli
maneh, banjur thukul nepsune. 6 Mangkene
calathune Elihu bin Barakheel, wong Bus mau:

“Aku isih enom, dene kowe wus padha uwanen,
mulane aku pakewuh lan wedi nglairake panemuku marang kowe.
7 Pangrasaku mangkene: Wong kang wus padha tuwa iku becike padha aweh pitutur,
lan kang wus akeh cacahe taune iku padha ngandharake bab kawicaksanan.
8 Nanging roh kang ana ing manungsa

lan napase Kang Mahakwasa, iku kang
paring pangreten.
9 Dudu wong kang wus akeh umure kang
kadunungan kawicaksanan,
dudu wong kang wus tuwa kang ngreti
marang kaadilan.
10 Mulane rembugku: Rungokna gunemku,
aku uga arep nglairake panemuku.
11 Sumurupa, aku wus nganti-anti marang
calathumu,
aku wus nggatekake pamikirmu,
nganti kowe padha bisa nemu tembung-
tembung kang trep.
12 Kalawan titi anggonku ngrungokake
calathumu,
nanging sanyatane ora ana kang nelakake
lupute Ayub,
kowe kabeh ora ana kang nglawan
katrangan-katrangane.
13 Saikine kowe aja padha kandha mangkene:
Aku wus padha nemu kawicaksanan;
mung Gusti Allah kang kwaos ngalahake
Ayub dudu manungsa.
14 Tembunge ora tumuju marang aku,
lan aku ora bakal mangsuli kalawan
migunakake bantahanmu.
15 Wong mau padha legeg-legeg ora bisa
aweh wangsulan maneh,
ora bisa ngucap satembung-tembunga.
16 Apa aku isih kudu nganti-anti, marga
wong-wong iku wus ora duwe pangucap,
marga wus mandheg ora bisa mangsuli
maneh?

17 Aku uga are aweh wangsulan ing giliranku,
aku iya arep nglairake panemuku.
18 Awit aku kebak tetembungan,
semangat kang ana ing aku ndhesek
marang aku.
19 Satemene batinku iku kaya anggur kang
ora ana dalane hawa,
kayadene impes anyar kang arep bedhah.
20 Aku kudu calathu supaya lega,
aku kudu mbukak lambeku lan aweh
wangsulan.
21 Aku ora bakal ilon-ilonen
lan ora bakal ngalembana sapa-sapa,
22 amarga aku ora ngreti bab ngalembana;
manawa tumindak mangkono, kang
nitahake nyawaku mesthi enggal-enggal
njabut nyawaku.”

Gusti Allah anggone paring pangandika marang manungsa iku kanthi patrap warna-warna

33:1-33

33 1 “Dene saiki, he Ayub, rungokna
kandhaku,
lan tilingna pangrungumu marang
tembung-tembungku.
2 Sumurupa, aku wus mbukak cangkemku,
ilatku ngucap ana ing sangisoring
cethakku.
3 Atiku nglairake tembung kalawan jujur,
lan lambeku mratelakake kalawan cetha
apa kang disumurupi.

4 Aku katitahake dening Rohing Allah,
lan napase Kang Mahakwasa njalari aku urip.
5 Manawa kowe bisa, aku wangsulana,
mapana arep-arepan karo aku.
6 Satemene tumraping Allah aku karo kowe iku padha bae,
aku iya diwangun saka lempung.
7 Mulane kowe aja giris ana ing ngarepku,
ora abot anggonku bakal menet marang kowe.
8 Nanging kowe wus calathu ing sacedhake kupingku,
lan aku wus krungu anggonmu ngucap mangkene:
9 Aku iki resik aku sepi ing panerak,
aku suci tanpa kaluputan.
10 Nanging Panjenengane manggih alasan kanggo nglawan marang aku,
aku dianggep mungsuhe.
11 Sikilku dibelok,
satindakku tansah dipirsani.
12 Wangsulanku marang kowe: Ing bab iku kowe ora bener,
awit Gusti Allah iku ngungkuli manungsa.
13 Yagene kowe kok madoni Panjenengane,
awit ora paring wangsulan marang sakehing tembungmu?
14 Amarga Gusti Allah anggone paring pangandika sarana patrap siji loro,
nanging wong ora nggatekake.
15 Sajroning pangimpen, sajroning wahyu ing wayah bengi,

manawa wong turu kepati,
manawa leyeh-leyeh ing paturon;
16 ing kono Panjenengane mbikak kupinging manungsa
lan nggatekake wong-wong mau kalawan panyaruwe-panyaruwe,
17 minangka pepalang tumrap pratingkahe
lan kanggo ngilangi gumunggunge,
18 temah nyawane kasingkirna saka ing kubur
lan uripe saka ing penempuhing tumbak.
19 Wong kelakon kapredi kalawan nandhang lara ing paturon,
ing sajroning balung-balunge tansah ana crah kang tanpa kendhat.
20 Nganti wetenge bosen roti,
ilang kekarepane mangan kang enak-enak.
21 Daginge susut nganti ora katon,
balung-balunge kang maune ora katon,
banjur padha pating pendhosol.
22 Nyawane wus nyedhaki kubur,
sarta uripe nyedhaki pati.
23 Manawa ana malaekat ing sandhinge,
kang dadi panengah, siji ing antarane sewu,
kang kadhawuhan mratelakake kabeneraning manungsa,
24 ing kono Gusti Allah bakal paring kawelasan pangandikane:
Uculna wong iku, supaya aja nganti mudhun marang ing kubur,
Ingsun wus oleh panebus.
25 Wong mau banjur kasegerake awake kaya wong nom,

dadi kaya nalika isih nom.
26 Samangsa nyenyuwun marang Gusti Allah,
Panjenengane iya karsa midhangetake,
temah ndeleng wadanane kalawan
suka-pirena,
lan Gusti Allah banjur mangsulake
kabenerane marang manungsa.
27 Wong mau nuli bakal nyaritani marang
wong-wong liyane adhapur kidung
mangkene:
Aku wus nglakoni dosa lan kang jejeg wus
dakbengkokake,
ewadene aku ora kawales.
28 Gusti Allah wus mitulungi nyawaku temah
ora tumiba ing kubur,
lan uripku bakal weruh pepadhang.
29 Kabeh iki nyata-nyata pakaryaning Allah
kang ping pindho, ping telu tumanduk
marang manungsa,
30 karsane mbalekake nyawane saka ing
kubur
satemah kasorotan ing cahyaning urip.
31 He Ayub, gatekna, rungokna aku,
menenga, aku kang guneman.
32 Manawa ana kang bakal kokkandhakake,
wangsulana aku:
kandhaa, awit aku kapengin bisa
mbenerake kowe.
33 Manawa ora, rembugku rungokna;
kowe menenga, aku arep nyumurupake
kawicaksanan marang kowe.”

Gusti Allah iku ora atindak culika

34:1-37

34 1 Elihu banjur calathu:
2 "He para wong wicaksana pituturku padha rungokna.
He wong kang kadunungan akal-budi, padha nilingna kuping marang aku,
3 awit kuping iku ngleler tetembungan, kayadene cethak ngrasakake pangan.
4 Prayogane kita nemtokake dhewe apa kang adil,
netepake bebarengan apa kang becik.
5 Awit Ayub calathu: Aku bener,
nanging Gusti Allah mundhut wewenangku;
6 sanadyan aku bener iya kaanggep goroh,
sanadyan tanpa kaluputan, tatuku ora bisa mari.
7 Ngendi ana wong kaya Ayub,
kang anggone seneng ngala-ala marang Allah kaya wong kasatan kang nuli ngombe banyu,
8 kang sekuthon karo para wong ala
lan srawungan karo wong duraka?
9 Amarga ana pangucape: Ora maedahi apa-apa tumrap manungsa,
manawa ndadekake kaparenging Allah.
10 Mulane he para wong kang kadunungan akal-budi, padha rungokna pituturku:
nglengkara yen Gusti Allah nindakake piala,

utawa yen Kang Mahakwasa tumindak
culika,
11 nanging manungsa mesthi tampa piwales
tumrap panggawene,
sarta damel supaya saben wong nemahi
kang timbang karo tumindake.
12 Sanyatane Gusti Allah iku ora tumindak
luput,
Kang Mahakwasa ora mbengkokake
kaadilan.
13 Sapa kang mitayakake bumi marang
Panjenengane?
Sapa kang nitahake jagad iki kabeh?
14 Saupama nggalih marang manungsa,
sarta banjur mundhut wangsul roh lan
napas kang wus diparingake,
15 wus mesthi kabeh kang urip bebarengan
padha pecat nyawane,
tuwin manungsa bali dadi lebu.
16 Mulane manawa kowe duwe pangreten,
kandhaku iki rungokna,
tilingna calathuku.
17 Wong kang sengit marang kaadilan apa
bisa nyekel pangwasa,
lan apa kowe gelem ngluputake
Panjenengane kanga adil lan kang
prakosa;
18 kang ngandika marang raja: He, wong
dursila,
tuwin marang para luhur: He, wong
duraka;
19 Panjenengane kang ora ngeloni para
penggedhe,

sarta ora mbedakake wong luhur karo
wong cilik,
amarga iku kabeh padha pakaryaning
astane?
20 Ing sakedhap netra iku padha mati, ing
wayah tengah wengi
wong padha digawe geger lan banjur
tumpes;
wong kang santosa padha kasirnakake ora
dening tanganing wong.
21 Amarga paningale mirsani lakuning
manungsa,
tuwin nguningani tumapaking sikile kabeh.
22 Ora ana pepeteng utawa palimengan,
kang dadi pandhelikaning wong ala.
23 Awit Panjenengane ora nemtokake
wektune wong
anggone bakal sowan ing ngarsaning
pangadilane,
24 wong prakosa padha diremuk tanpa
kapriksa,
lan wong liyane padha kaangkat minangka
gegentine.
25 Dadi tetela yen Gusti Allah iku mirsa
sabarang tindak-tanduke,
sarta ing wayah bengi padha digolingake
temah padha lebur,
26 padha digebagi marga saka durakane ana
ing ngedhengan,
27 awit padha ninggal Panjenengane
lan ora ana kang mreduli marang karsane,
28 njalari panjeriting wong miskin
sumengka marang ing ngarsane,

sarta Panjenengane iku karsa
midhangetake panjeriting wong
sangsara.
29 Manawa Panjenengane kendel, sapa kang
bakal nibakake paukuman?
Manawa ngumpetake pasuryane,
sapa kang bakal sumurup Panjenengane,
sanajana bangsa utawa sawiji-wijining
wong? --,
30 iku supaya wong duraka aja dadi ratu,
kang mesthi banjur dadi kala-jirete wong
akeh.
31 Nanging manawa ana panunggalane kang
munjuk marang Gusti Allah:
Kawula sampun ngegungaken badan
kawula,
nanging salajengipun boten badhe
nglampahi piawon malih.
32 kawula mugi kaparingana piwulang bab
ingkang kawula dereng mangretos;
manawi kawula sampun tumindak culika,
kawula boten badhe tumindak makaten
malih.
33 Manut pangrasamu apa Gusti Allah kudu
ndhawahake piwales?
Awit kowe nglairake panacad.
Dadine iya kowe kang kudu mutus, dudu
aku;
mara kandhakna apa kang koksumurupi!
34 Wong kang padha kadunungan akal-budi
lan wong kang wicaksana
kang ngrungokake gunemku iku bakal
calathu marang aku:

35 Ayub iki enggone calathu tanpa kawruh
lan tembung-tembunge ora isi pangreten.
36 Ah, Ayub iku muga-muga katutugna
anggone kacoba,
awit anggone mangsuli kaya wong dursila,
37 sarta muwuhi dosane kalawan panerak,
ana ing tengahku kabeh ngepelake
tangane
lan akeh anggone mabeni marang Allah.”

Gusti Allah nggatosake kasangsaraning manungsa

35:1-16

35 1 Elihu banjur mbacutake calathune:
2 “Apa iki kang kokanggep adil
lan anggonmu calathu: kabeneranku ana
ing ngarsane Gusti Allah,
3 karodene pitakonmu kang mangkene: Iku
maedahi apa marang aku?
Apa kaluwihanku yen katimbang karo
anggonku nglakoni dosa?
4 Aku kang bakal mangsuli kowe
lan para mitramu pisan:
5 Mara tumengaa marang ing langit,
delengen mega-mega kang ngungkuli
kowe iku!
6 Manawa kowe kang nglakoni dosa iku kowe
arep tumindak apa ana ing ngarsane?
Manawa panerakmu akeh, iku kowe
nglakoni apa ana ing ngarsane?
7 Manawa kowe tumindak bener, iku kowe
ngolehake Panjenengane apa,

utawa Panjenengane tampi apa saka
kowe?
8 Mung wong kang kaya kowe iku kang
kapitunan marga saka durakamu
lan mung anake manungsa kang oleh
kauntungan marga saka kabeneranmu.
9 Wong ngadhuh-adhuh iku marga saka
kaebyukan ing panganiaya,
sambat-sambat marga saka panindhese
para wong kang kwasa;
10 nanging wong ora takon: Ana ing ngendi
Gusti Allah kang nitahake aku,
lan kang paring kidung pamuji ing wayah
bengi;
11 kang maringi kita akal-budi ngungkuli
kewan ing bumi,
lan kawicaksanan ngungkuli manuk ing
awang-awang?
12 Ing kono wong padha sesambat, nanging
Panjenengane ora paring wangsulan,
marga saka gumunggunge para wong ala.
13 Sanyata pasambat kang tanpa isi iku ora
dipiyarsakake dening Gusti Allah
lan ora dipreduli dening Kang Mahakwasa.
14 Saya maneh yen kowe calathu, manawa
kowe ora ndeleng Panjenengane,
manawa prakaramu wus katur ing
ngarsane,
15 lan kowe kudu ngenteni karampungane!
Nanging saiki: marga dukane ora
ndhawahake paukuman
lan Panjenengane ora pati mreduli marang
panerak,

16 Ayub banjur muni-muni kang tanpa guna,
sarta crewet, kang tanpa teges.”

Wong kaganjar kasangsaran iku supaya mratobat

36:1-33

36 1 Elihu calathu maneh, tembunge:
2 “Sing sabar sadhela engkas, kowe arep dakwulang,
awit isih ana kang arep dakkandhakake atas asmane Gusti Allah.
3 Aku arep ngetokake kawruhku kang muluk-muluk
sarta mbenerake kang nitahake aku;
4 awit sanyata ora goroh tembungku,
kang arep-arepan karo kowe iki wong kang sampurna kawruhe.
5 Sumurupa, Gusti Allah iku prakosa, nanging ora ana barang kang karemehake,
prakosane iku ing bab kakuwataning akal-budi.
6 Wong duraka ora padha dilestarekake urip,
nanging wong kang sangsara padha kaparingan kaadilan.
7 Panjenengane ora menga-mengo anggone mirsani marang wong bener,
nanging iku salawas-lawase padha kaparingan papan sandhing para raja ana ing dhampar,
satemah padha linuwih kaluhurane.
8 Manawa padha kablenggu kalawan rante
tinalen ing kasangsaran,

9 Gusti Allah banjur ngengetake marang panggawene
lan panerake, yaiku anggone gumunggung
10 sarta nuli kupinge kawengakake supaya bisa nampani piwulang,
tuwin dhawuh supaya padha ngungkurake piala.
11 Manawa padha ngrungokake kalawan sumuyud,
uripe bakal sinandhangan ing kabegjan ing salawase,
sarta mukti nganti tekan ing wekasaning taune.
12 Ewasamono manawa padha ora ngrungokake
mesthi bakal padha mati kena ing tumbak
sarta sirna ing sajroning kabodhoane.
13 Para wong kang atine duraka iku padha nyimpen bebendu;
lan ora gelem sesambat manawa kablenggu dening Panjenengane;
14 nyawane sirna sajrone isih enom,
uripe cuthel durung wancine.
15 Wong sangsara diuwalake sarana sangsara,
kupinge kawengakake sarana panindhes.
16 Kowe uga karimuk bisane metu saka ing karupekan
menyang ing papan kang omber kang sepi ing panindhes,
marang meja kang swasanane tentrem lan kang kebak pangan kang nggajih.
17 Nanging kowe wus samesthine tampa kabeh paukumane wong duraka,

kowe kacengkerem dening paukuman lan kaadilan;
18 panasing ati aja nganti mbujuk kowe supaya memada,
lan gedhening panebus aja nganti nasarake kowe.
19 Apa kasugihanmu bisa nguwalake kowe saka ing karupekan,
utawa sakehing kakuwatan anggonmu rekasa?
20 Aja cecengklungen marang bengi
wancine para bangsa padha lunga saka ing papan padunungane.
21 Kowe sing ngati-ati aja nganti madhep marang piala
amarga iya iku kang njalari kowe kacoba dening sangsara.
22 Sanyatane Gusti Allah iku luhur pangwasane,
endi ana guru kang madhani Panjenengane?
23 Sapa kang nemtokake margine,
lan sapa kang wani munjuk: Paduka sampun tumindak boten adil?
24 Elinga manawa kowe kudu ngluhurake pakaryane,
kang tansah dikidungake dening manungsa.
25 Kabeh wong padha ndeleng,
anggone mandeng saka ing kadohan.
26 Sanyata Gusti Allah iku agung, ora kena kagayuh kalawan kawruh kita,
cacahing taune ora bisa kasumurupan.

27 Tetes-tetesing banyu katarik munggah,
lan mancur dadi udan awor pedhut,
28 kaesokake dening mendhung ing
awang-awang
kasiramake marang wong akeh.
29 Apa ana wong kang mangreti jumerenging
mendhung
lan swara gumuruh kang ana ing
padalemane?
30 Lah Panjenengane nggelar pepadhange ing
sakubenge
lan ngemuli dhasaring sagara.
31 Awitdene iku margane anggone ngadili
para bangsa
lan anggone paring pangan nganti luber.
32 Astane sakarone kasingeban ing kilat
kang kadhawuhan nyamber kang kudu
tinempuh.
33 Suraking perang martakake rawuhe
yaiku manawa banget-banget anggone
merangi kadurakan kalawan bebendu."

Kamulyaning Allah ana ing alam jembar

37:1-24

37 1 "Nyata iku ndadekake gumetering
atiku
nganti njingkat saka ing panggonane.
2 Rungokna, rungokna gumludhuging
swarane,
gludhug kang metu saka ing tutuke.
3 Kang linepasake ing sauruting jembare
langit

lan uga kilate menyang ing poncot-
poncoting bumi.
4 Sawuse mangkono Panjenengane
kadherekake ing swara gumuruh,
gumludhug swaraning kaluhurane.
Manawa swara iku keprungu Panjenengane
ora ngeman bledhege.
5 Gusti Allah ngedalake swara gumleger kang
ngebat-ebati.
Panjenengane nindakake pakaryan agung
kang ora kena ginayuh ing kawruh kita,
6 awitdene salju dipangandikani: Tibaa ing
bumi!
Lan marang udan deres sarta udan kang
gumrojog dhawuhe: Deresa!
7 Saben wong tangane katalenan lan
kaparingan cap,
supaya kabeh wong nyumurupi pakaryane.
8 Kewan alasan padha lumebu ing papan
pandhelikane
lan mapan ana ing guwa-guwane.
9 Prahara jumedhul saka ing gedhonge,
lan hawa adhem saka ing lor.
10 Napasing Allah njalari dumadining es,
lan lumahing banyu dadi njendhel.
11 Mega dimomoti banyu,
lan mendhung mencarake kilate,
12 kilate nuli nyamber-nyamber menyang ing
ngendi-endi manut ing sapitedahe,
lan ana ing bumi nindakake kabeh kang
kadhawuhake;
13 Gusti Allah damel supaya bisa nggayuh
tujuane

kagem nggebag isining bumine
apa kagem mbabarake sih-susetyane.
14 Iku kabeh rungokna, heh Ayub,
menenga lan nggatekna marang
kaelokan-kaelokaning Allah.
15 Apa kowe sumurup kapriye anggone Gusti
Allah paring tugas marang iku kabeh
lan anggone nyunarake cahyane saka ing
mendhunge?
16 Apa kowe ngreti bab lakuning mendhung,
lan bab kaelokan-kaelokane Kang
Mahamirsa,
17 kowe, kang krasa marang angeting
panganggo,
manawa bumi meneng marga kena
panasing angin saka kidul.
18 Apa kowe bisa nggubah mega dadi
cakrawala kaya Panjenengane,
nganti padhet kaya pangilon cithakan?
19 Aku padha kandhanana aku kudu padha
munjuk apa marang Panjenengane,
awit aku ora bisa munjuk apa-apa, jalaran
kapetengen.
20 Apa ana kang bakal ngunjuki uninga,
manawa aku arep duwe atur?
Apa wong tau kandha, manawa kapengin
kasirnakake.
21 Saiki pepadhang ora katon,
marga kapetengan ing mendhung,
nanging mengko tinempuh ing angin,
banjur resik padhang.
22 Saka ing sisi lor ana sunar kang kaya
emas,

Gusti Allah kalimputan ing kamulyan kang nggegirisi.
23 kang Mahakwasa, kang padha ora dakmangreteni,
iku gedhe pangwaose lan kaadilane;
sanajan sugih kabeneran, ewasamono ora nindhes,
24 mulane diwedeni dening wong,
sarta saben wong kang rumangsa wicaksana, iku ora dipreduli."

BAB 38-42 PARING WANGSULANE GUSTI ALLAH MARANG AYUB

Pangwasaning Pangeran ing sajroning alam jembar

38:1--39:30 (38:1--39:33)

38 1 Pangeran Yehuwah banjur paring wangsulan marang Ayub saka ing sajroning prahara, pangandikane:
2 "Sapa ta kang gawe petenging pepesthen
kalawan pangucap kang tanpa pamikir?
3 Mara rumantia dikaya wong lanang!
Sira Sundangu, Ingsun unjukana pratela.
4 Sira ana ngendi, nalika Ingsun nalesi bumi.
Munjuka manawa sira mangreti!
5 Sapa kang nemtokake ukurane --
Sira rak sumurup? --
Tuwin sapa kang menthang tali ukurane?
6 Pilar-pilare tumancep ing ngendi
lan sapa kang masang watu pojokan,

7 ing nalikane lintang-lintang esuk padha
asuka-rena bebarengan
tuwin para putraning Allah padha
asurak-surak?
8 Sapa kang mbendung sagara kalawan
plawangan
nalika lagi kumrasak metu saka ing
guwa-garba,
9 nalika Sunkaryakake mega minangka
sandhangane
tuwin pepeteng minangka gegedhonge;
10 nalika Ingsun nemtokake watese,
sarta masang slarak lan lawang;
11 nalika Ingsun ngandika: Tekan ing kene
bae, aja kliwat,
ana ing kene alunira kang gumunggung
bakal padha katambak!
12 Ing sajroning uripira apa sira tau ngundang
marang gagat-raina
lan mrenahake bangbang wetan,
13 supaya padha nyekel poncoting bumi
sarta ngebutake wong duraka?
14 Bumi mau banjur salin rupa dadi lempung
kang diecap,
samubarang kabeh awujud kaya busana.
15 Para wong duraka padha kailangan
pepadhange,
tangan kang kaacungake katugel.
16 Apa sira wus bisa tumurun nganti tekan
ing etuking sagara
lan wus ndlajahi dhasaring samodra-raya?
17 Apa gapuraning pati wus padha katon
marang sira

sarta apa sira wus ndeleng lawanging
teleng palimengan?
18 Apa sira mangreti jembaring bumi?
Caritakna, manawa sira wus nyumurupi
iku kabeh!
19 Ana ing ngendi dalan kang anjog ing papan
padunungganing pepadhang,
lan ana ing ngendi prenahe pepeteng,
20 supaya sira banjur bisa mrenahake ana ing
wewengkone dhewe-dhewe
lan nyumurupi dalan-dalan kang anjog ing
padunungane?
21 Mesthine sira wus sumurup, amarga nalika
samana sira wus lair,
lan wus akeh cacahing dinanira!
22 Apa sira wus lumebu ing gedhong
parawatane salju,
sarta apa wus ndeleng parawatane udan
krikil,
23 kang Ingsun simpen kanggo ing dina
karubedan,
kanggo ing mangsa pacampuhan lan
perang?
24 Ana ing ngendi dalane menyang ing papan
sumebaring pepadhang,
lan papan pencaring angin ing salumahing
bumi?
25 Sapa kang karya ilen-ilening udan deres
lan dalan kanggo kilating gludhug,
26 supaya tanah kang ora dienggoni ing wong
lan ara-ara kang suwung padha kodanan;
27 sarta supaya pasamunan lan tanah kang
ludhes padha kawaregan

apadene suket-suket padha thukul seger?
28 Apa udan iku ana bapakne?
Sarta sapa kang nganakake tetesing ebun?
29 Es iku metu saka ing guwa-garbane sapa,
lan ebun kang njendhel ing langit iku sapa kang nglairake?
30 Banyu njendhel nganti kaya watu,
lan lumahing samodra dadi atos.
31 Apa sira bisa mbundheli talining lintang Wuluh,
lan nguculi bebandaning lintang Wluku?
32 Apa sira bisa ngetokake lintang Bima Suci ing kala mangsane,
lan nuntun lakune lintang Prau saanak-anake?
33 Apa sira nyumurupi pranataning langit
sarta netepake anggone mrentah ana ing bumi?
34 Apa sira bisa ngulukake swaranira nganti tekan ing mega,
temah sira banjur kebanjiran?
35 Apa sira bisa nglepasake kilat, temah padha samber-samberan
kalawan calathu marang sira: Sandika?
36 Sapa kang ndunungake kawicaksanan ana ing mega
utawa sapa kang paring budi marang mendhung?
37 Sapa bisa ngetung mendhung kalawan kawicaksanan,
lan sapa kang bisa nyuntak ejuning langit,
38 nalika lebu njendhel dadi logam

tuwin prongkalan lemah padha lelengketan
dadi siji?
39 (39-1) Apa sira bisa nggolekake
memangsaning singa wadon,
lan bisa maremake marang singa enom,
40 (39-2) manawa padha mendhek-mendhek
ana ing guwane
manawa padha ndingkik ana ing
grumbulan?
41 (39-3) Sapa kang nyawisake pakaning
gagak,
manawa anake padha sesambat marang
Gusti Allah,
padha klambarangan marga ora ana
pangan?

39

1 (39-4) Sira apa sumurup wancine
wedhus gunung duwe anak,
utawa apa namatake menjangan anggone
nglarani?
2 (39-5) Apa sira bisa ngetung pirang sasi
anggone meteng
sarta apa bisa nyumurupi ing eleke?
3 (39-6) Anggone nglairake anake, kalawan
njengking
lan banjur ngetokake isining guwa-
garbane.
4 (39-7) Anake padha dadi rosa lan gedhe
ana ing ara-ara,
padha lunga lan ora bali marang embokne.
5 (39-8) Sapa kang ngumbar kuldi alasan,
utawa sapa kang nguculi dhadhunge kuldi
ing ara-ara?

6 (39-9) Ara-ara kang Sunparingake dadi
papan padunungane
lan tanah asin dadi pasabane.
7 (39-10) Ramening kutha dipoyoki,
ora krungu swarane kang nggiring;
8 (39-11) banjur golek pangonan ing
gunung-gunung,
lan ngluru samubarang kang ijo.
9 (39-12) Apa bantheng gelem teluk marang
sira
utawa gelem turu ing sacedhaking
ambenira manawa bengi?
10 (39-13) Apa sira bisa meksa bantheng
ngenut kalenaning wluku kalawan
keluhan,
utawa nggaru bumi ing lebak ngetutake
lakunira?
11 (39-14) Apa sira pracaya, marga gedhe
karosane?
Utawa banjur sira pasrahi pagaweanira
kang abot?
12 (39-15) Apa sira nemtokake, yen bakal
ngulihake pametuning buminira,
lan nglumpukake ing papan panutonira?
13 (39-16) Manuk unta kekablak kalawan
bungah
nanging apa elar lan wulu iku mratelakake
katresnan?
14 (39-17) Awit endhoge ditinggal ing lemah,
lan dietogake sarta diangremake ana ing
pawedhen,
15 (39-18) nanging lali, manawa endhog mau
bisa kapidak ing sikil,

lan kailes-iles ing kewan alasan.
16 (39-19) Pangrengkuhe marang anak-anake keras kaya-kaya dudu anake dhewe;
sanajan rekasane tanpa guna, ora dipreduli,
17 (39-20) amarga ora kaparingan kawicaksanan dening Gusti Allah
lan ora dipandumi pangreten.
18 (39-21) Manawa kekablak kalawan gumunggung.
banjur nggeguyu jaran lan kang nunggangi.
19 (39-22) Apa sira kang aweh karosan marang jaran?
Apa sira kang nyandhangi suri ing githoke?
20 (39-23) Apa sira kang mbisakake mlumpat kaya walang?
Panggabere kang nggegirisi medeni.
21 (39-24) Anggone thakur-thakur ing lemah kalawan gambira,
anggone maju methukake gegaman kalawan kakuwatan.
22 (39-25) Sabarang kang nggegirisi digeguyu, sarta ora tau wedi
apadene ora gelem mundur manawa arep-arepan karo pedhang.
23 (39-26) Endhong panah kamrincing ing sadhuwure,
tumbak lan towok pating cleret.
24 (39-27) Kalawan ringas lan galak lemah dikemah-kemah,
sarta banget notole manawa krungu unining kalasangka;

25 (39-28) ngerik-ngerik manawa kalasangka
kaunekake;
lan saka ing kadohan wus bisa ngambus
anane perang,
bantering abane para panggedhe tuwin
suraking wadya-bala.
26 (39-29) Apa kapinteranira kang mulang
mabur manuk wulung
kalawan ngegarake swiwine ngener
mangidul?
27 (39-30) Apa marga saka prentahira manuk
beri iku anggone banjur mumbul
lan nusuh ing panggonan kang dhuwur?
28 (39-31) Anggone manggon lan nusuh ana
ing gunung parang,
ing pucaking gunung parang lan ing
gunung kang angel ingunggahan.
29 (39-32) Ana ing kono anggone ingak-inguk
madik-madik memangsane,
matane ngingat-ngingatake saka ing
kadohan;
30 (39-33) anake padha ngokop getih
lan ing ngendi ana bathang, manuk beri
mesthi ana ing kono."

Ayub ngesorake awake ana ing ngarsaning Allah

40:1-5 (39:34-38)

40 1 (39-34) Sang Yehuwah tumuli
nyambeti, pangandikane marang Ayub:
2 (39-35) "Si juru panutuh apa isih arep
mabeni marang Kang Mahakwasa?

Kang nacad marang Gusti Allah iku supaya mangsulana!”
3 (39-36) Ing kono unjuke Ayub marang Sang Yehuwah:
4 (39-37) “Saestu, kawula punika asor sanget, kawula badhe ngaturaken wangsulan punapa dhateng Paduka?
Cangkem kawula kawula tutupi kalayan tangan.
5 (39-38) Sapisan kawula sampun gadhah pangucap, nanging badhe boten kawula lairaken malih;
malah kaping kalih, nanging boten badhe kawula lajengaken.”

Ayub katantang dening Gusti Allah

40:6-14 (40:1-9)

6 (40-1) Pangeran Yehuwah banjur ngandika maneh marang Ayub saka ing satengahing prahara, mangkene:
7 (40-2) “Mara rumantia dikaya wong lanang;
“Sira bakal Sundangu, Ingsun unjukana wangsulan.
8 (40-3) Apa sira arep ngorakake pangadilaningSun
nyalahake Ingsun supaya bisa mbenerake awakira dhewe?
9 (40-4) Apa tanganira kaya astaning Allah,
lan apa sira bisa ngetokake swara gumludhug kaya Panjenengane?
10 (40-5) Yen mangkono awakira wenehana rerenggan kamulyan lan kaluhuran,

sira ngrasuka kaagungan lan prabawa!
11 (40-6) Esokna nepsunira kang mulad-mulad;
awasna saben wong kang kumlungkung lan sira esorna,
12 (40-7) awasna saben wong kang lumuhur-luhur iku lan dhingklukna.
Sarta wong duraka padha sira leburna ana ing panggonane!
13 (40-8) Pendhemen bebarengan ana ing njero lebu,
kunjaranen ana ing papan kang ndhelik,
14 (40-9) temah Ingsun bakal ngalembana marang sira,
amarga tanganira tengen ngolehake kaunggulan marang sira."

Rumpakan bab jaran Nil

40:15-24 (40:10-19)

15 (40-10) "Sira nyawanga jaran Nil, kang wus Suntitahake uga kaya sira.
Iku mangan suket kaya sapi.
16 (40-11) Sira mawanga karosane kang dumunung ana ing lempenge
kakuwatane kang ana ing ototing wetenge!
17 (40-12) Anggone ngencengake buntute kaya wit eres,
otot-ototing pupune bebuletan,
18 (40-13) Balung-balunge kaya pipa tembaga,
ragangane kaya lantakan wesi.

19 (40-14) Iku kang dhisik dhewe katitahake
dening Gusti Allah,
makhluk kang kaparingan gegaman
pedhang;
20 (40-15) gunung-gunung padha nuwuhake
kang minangka pakane;
kewan alasan padha seneng-seneng ana
ing kono.
21 (40-16) Jaran Nil mau anggone njerum
ana ing sangisoring wit trate,
ingaling-alingan ing glagah lan rawa.
22 (40-17) Tetuwuhan trate padha ngayomi
kalawan ayang-ayangane,
sarta ingubengan ing wit truntum.
23 (40-18) Sanadyan ilining banyu santer
banget, kewan mau ora gumeter;
sanadyan bengawan Yarden luber nempuh
marang cangkeme,
atine iya enak-enak bae.
24 (40-19) Apa wong bisa nyekel saka ing
ngarep lan bisa ngeluhi irunge?”

Rumpakan bab baya

41:1-34 (40:20--41:25)

41 1 (40-20) “Apa sira bisa nggered baya
nganggo pancing,
utawa njiret ilate nganggo tali?
2 (40-21) Apa sira bisa ngetrapake tali
penjalin ing irunge,
utawa nyublesake gantholan ing uwange.
3 (40-22) Apa kira-kira kewan mau bisa
njaluk sih-piwelas marang sira,

utawa bisa calathu alus marang sira?
4 (40-23) Apa kira-kira bisa gawe prajanjian
kalawan sira,
temah banjur sira dadekake batur ing
salawase?
5 (40-24) Apa sira bisa dolanan karo kewan
mau kayadene karo manuk,
sarta apa bisa sira dadekake dolananing
anak-anakira wadon?
6 (40-25) Apa kira-kira kena didadekake
daganganing para juru amek iwak,
utawa diedum-edum ing antarane para
wong dagang?
7 (40-26) Apa kulite kena sira jojohi kalawan
towok,
utawa endhase kalawan cempuling?
8 (40-27) Tanganira sira tumpangna ing
endhase!
Elinga marang anggone tarung! --
Sira ora bakal nindakake mangkono
maneh!
9 (40-28) pangarep-arepira iku sanyata tanpa
isi.
Lagi ndeleng kewan iku bae, wong wis
ambruk.
10 (41-1) Mangsa anaa wong kang
sembranane nganti wani nenangi
nepsune baya iku,
lan sapa kang keconggah maju nglawan
marang Ingsun?
11 (41-2) Sapa kang methukake Ingsun,
kang Sundamel lestari slamet?

Samubarang kang ana sangisoring langit
iku wus dadi kagunganingSun kabeh.
12 (41-3) Ingsun ora bakal nyidem kaananing
gegelitane baya iku,
bab karosane lan endahing pawakane.
13 (41-4) Sapa kang bisa mbukak jubahe?
Sapa kang bisa nyuduk nganti tembus
kerene kang rangkep iku?
14 (41-5) Sapa kang bisa ngengakake inebing
cangkeme?
Ing sakubenging untune kaanane
nggegirisi.
15 (41-6) Gigire awujud tameng-tameng
kang santosa,
kang kraket rapet kaya segel.
16 (41-7) Siji lan sijine gandheng rapet
nganti ora bisa klebon angin;
17 (41-8) kang siji kelet karo sijine
cathok-cinathok ora kena kapisah.
18 (41-9) Samangsa wahing metu sunare,
matane kaya pletheking bangbang wetan.
19 (41-10) Cangkeme metu obore,
lan nyemburake geni kang pating pletik.
20 (41-11) Lenging irunge metu kukuse
kaya saka ing kwali kang umob isine
kumebul.
21 (41-12) Ambekane ngobong areng,
cangkeme metu genine.
22 (41-13) Githoke kadunungan kakuwatan,
pagiris lincak-lincak ana ing ngarepe.
23 (41-14) Gembel-gembeling daginge padha
kelet lengket.
kraket ing awake ora glembyar-glembyor.

24 (41-15) Atine atos kaya watu,
atose kaya watu landhesaning panggilingan.
25 (41-16) Samangsa gumregah, kabeh wong kang kwasa padha gumeter
dadi bingung jalaran wedi.
26 (41-17) Manawa dipedhang
ora pasah, mangkono uga ditumbak, ditowok utawa dipanah.
27 (41-18) Wesi dirasa kaya dami,
tembaga kaya kayu gapuk.
28 (41-19) Panah ora bisa nglungakake,
bebanggal watu kaya-kaya malih dadi damen.
29 (41-20) Gada dianggep merang
sarta sumiyuting towok digeguyu.
30 (41-21) Ing kurebe ana kang kaya wingka lincip-lincip,
manawa mengkureb ing endhutan kaya piranti pangruntuhan.
31 (41-22) Teleng didadekake molak-malik kaya godhongan ing kendhil,
sagara didadekake piranti ngolah campuran bumbon.
32 (41-23) Tabeting lakune sumunar,
satemah samodra kakira uwan dening wong.
33 (41-24) Ing salumahing bumi ora ana kang madhani,
iku makhluk kang ora kadunungan wedi.
34 (41-25) Kabeh kang luhur padha wedi karo kewan iku,
iku dadi ratune sakehing kewan galak.”

Ayub nyeled tembung-tembunge lan nlangsa ana ing ngarsane Gusti Allah

42:1-6

42 1 Ing kono Ayub banjur ngunjukake
wangsulan marang Sang Yehuwah,
ature:
2 "Kawula sapunika mangretos, bilih Paduka
kwaos nindakaken samukawis,
saha boten wonten karsa Paduka ingkang
kenging kabadal.
3 Paduka ndangu makaten:
Sapa kang nutupi pepesthen tanpa
kawruh?
Sampun tetela bilih anggen kawula cariyos
punika tanpa pangretosan.
Ingkang boten ginayuh ing pikiran kawula
punika kawula cariyosaken.
4 Paduka dhawuh: Rungokna, Ingsun bakal
paring pangandika;
Sira arep Sundangu, sira ngaturana
wangsulan!
5 Anggen kawula mireng bab Paduka punika
namung saking katranganing tiyang,
nanging sapunika kawula ningali Paduka
kalayan mripat kawula piyambak.
6 Pramila tembung-tembung kawula kawula
celed,
sarta kalayan nalangsa kawula sumungkem
ing lebu tuwin awu."

Kaanane Ayub kapulihake

42:7-17

7 Kacarita sawuse Pangeran Yehuwah
mungkasi pangandika ing dhuwur mau
marang Ayub, banjur ngandika marang Elifas,
wong Teman, mangkene: “BebenduningSun
mulad-mulad marang sira lan marang
mitranira sakarone, amarga katranganira
tumrap Ingsun ora bener kaya abdiningSun
Ayub. 8 Mulane saiki sira padha njupuka sapi
lanang nom pitu lan wedhus gembel lanang
iya pitu, nuli maranana abdiningSun Ayub,
padha nyaosna kurban obaran, tuwin Ayub
abdiningSun nyaosna pandonga tumrap sira,
awit mung pandongane kang bakal Suntrimah,
supaya sira ora padha Sunaniaya, amarga
katranganira tumrap Ingsun ora bener kaya
abdiningSun Ayub.”
9 Elifas wong Teman, Bildad wong Suah, lan
Zofar wong Naama banjur padha nindakake
kaya sadhawuhe Sang Yehuwah mau
sarta Sang Yehuwah karsa midhangetake
pandongane Ayub.
10 Pangeran Yehuwah banjur ngluwari Ayub
saka ing sangsarane, sawise ndongakake
mitrane mau sarta diparingi tikele kang wus
dadi duweke ing maune. 11 Nalika iku Ayub
katuwenan dening sakehe sadulure lanang
wadon apadene kawanuhane kabeh, padha
kembul mangan karo Ayub ana ing omahe
kambi nglairake belasungkawa lan aweh

panglipur ing bab anggone mentas kaganjar
kasangsaran dening Pangeran Yehuwah,
apadene siji-sijine padha menehi dhuwit
sakesitah karo ali-ali emas siji.
12 Wasana Ayub diberkahi dening Sang
Yehuwah nganti ngungkuli dhek biyen; duweke
kang rupa wedhus patbelas ewu, untane nem
ewu, sapine sewu rakit, lan kang rupa kuldi
wadon sewu.
13 Anake kang lanang pitu lan
kang wadon telu.
14 Anake wadon mau kang
dhisik dijenengake Yemima, kang kapindho
Kesia, lan kang katelune Keren-hapukh.
15 Ing sanagara ora ana wong wadon kang
ayune kaya anak-anake Ayub, kabeh padha
dipandumi warisan dening bapakne padha
kaya sadulure lanang.
16 Sawuse kelakon kang
kasebut ing dhuwur iki, Ayub kaganjar umur
maneh satus patang puluh taun sarta menangi
anak-putu nganti patang turunan.
17 Patine
Ayub wus tuwa banget, wus wareg anggone
ngrasakake uripe.

JABUR

Jilid I: MASMUR 1--41

Bab uripe wong mursid
lan uripe wong duraka

1:1-6

1 [1] Rahayu wong
kang lakune ora manut pangangen-angene
wong duraka,
lan ora ngambah dalane wong dosa
sarta ora awor lungguh ing pajagongane
wong memoyok,
[2] nanging kang karem marang angger-
anggere Sang Yehuwah,
lan digilut-gilut rina wengi.
[3] Wong iku kaya wit kang tinandur ana ing
sapinggiring kali,
kang metokake woh ing kalamangsane,
lan ora alum godhonge,
apa bae kang ditandangi mesthi lestari.
[4] Ora mangkono mungguh wong duraka,
nanging prasasat mrambut kang kabur ing
angin.
[5] Mulane wong duraka iku ora tulus ana ing
ngarsane pangadilan,
mangkono wong dosa ana ing
pakumpulane para wong mursid;

6 amarga Sang Yehuwah mirsa lakune wong mursid,
nanging lakune wong duraka iku ngener marang karusakan.

MASMUR 2

Ratu kang jinebadan dening Sang Yehuwah

2:1-12

2 1 Geneya para bangsa padha mampang-mampang wringuten,
lan para suku bangsa padha ngangen-angen kang tanpa guna?
2 Para raja ing bumi padha siyaga ing perang
lan para panggedhe sakuthon
arep ngayoni Sang Yehuwah lan Sang Jebadane, pangucape:
3 “Payo padha medhot dhadhunge
lan mbuwang kendharate.”
4 Panjenengane kang lenggah ana ing swarga iku gumujeng,
Sang Yehuwah moyoki wong-wong mau.
5 Nuli padha didhawuhi kalawan bendu
lan digirisake kalawan bramantyane:
6 “Ingsun kang wus ngadegake ratuningSun
ana ing Sion, gunungingSun kang suci.”
7 Aku arep ngandhakake kekancingane Sang Yehuwah;
pangandikane marang aku: “Sira iku putraningSun!
Ingsun kang mutrakake Sira ing dina iki.

8 Sira nyenyuwuna marang Ingsun,
mesthi Sira Sunparingi para bangsa dadi pusakanira,
lan pungkasaning bumi dadi darbekira.
9 Iku bakal Sira ejur kalawan gada wesi,
bakal Sira remuk kaya grabahing kundhi.”
10 Mulane, he para raja, padha tumindaka kang wicaksana;
para hakim ing bumi, padha ngrungokna marang pepeling!
11 Padha ngabektia marang Sang Yehuwah kanthi pakering;
lan sungkemana sampeyane kanthi gumeter,
12 supaya Panjenengane aja paring deduka, temah kowe tumpes ana ing dedalan,
amarga bebendune gampang banget anggone mulad-mulad.
Rahayu sakehing wong kang ngungsi marang Panjenengane!

MASMUR 3

Kidung ing wayah esuk ing sajrone adhep-adhepan karo mungsuh

3:1-8 (3:1-9)

3 1 Masmur anggitane Sang Prabu Dawud, nalika keplajeng saka ing ngarsane kang putra Pangeran Absalom.
(3-2) Dhuh Yehuwah, pinten-pinten satru kawula,
kathah tiyang ingkang nglawan kawula;

2 (3-3) kathah tiyang ingkang mungel tumrap kawula makaten:
"Iku mesthi ora oleh pitulungan saka Gusti Allah." (Selah)
3 (3-4) Nanging Paduka, dhuh Yehuwah, ingkang dados tetameng kawula, ingkang ngaling-alingi kawula,
Paduka ingkang dados kaluhuran kawula, inggih ingkang ndengengekaken sirah kawula.
4 (3-5) Kalawan sora anggonku nyebut marang Sang Yehuwah,
banjur diparingi wangsulan saka ing gununge kang suci. (Selah)
5 (3-6) Aku leyeh-leyeh banjur turu;
aku tangi, amarga disantosakake dening Sang Yehuwah.
6 (3-7) Aku ora wedi marang bala leksan,
kang arep ngepung aku.
7 (3-8) Dhuh Yehuwah, kawula aturi jumeneng mitulungi kawula, dhuh Allah kawula,
amargi Paduka ingkang sampun nggepuk uwanging sakathahipun mengsah kawula,
saha tiyang duraka sami Paduka rampalaken untunipun.
8 (3-9) Pitulungan punika dhatengipun saking Sang Yehuwah,
berkah Paduka rumentaha ing umat Paduka. (Selah)

MASMUR 4

Donga ing wayah bengi

4:1-8 (4:1-9)

4 [1] Kanggo lurah pasindhen, binarung
swaraning clempung.
Masmur anggitane Sang Prabu Dawud.
(4-2) Manawi kawula sesambat, mugi karsaa
paring wangsulan,
dhuh Allah ingkang ngleresaken kawula.
Ing salebeting karupekan Paduka ingkang
paring omber dhateng kawula,
mugi karsaa paring sih-piwelas dhumateng
kawula saha karsaa miyarsakaken
pandonga kawula!
[2] (4-3) He para priya, nganti pira suwene
kaluhuranku diwirangake,
nganti pira lawase anggonmu padha
rumaket marang kang tanpa guna,
sarta anggonmu mburu marang
pagorohan? (Selah)
[3] (4-4) Padha sumurupa yen Sang Yehuwah
wus milih kang dadi kekasihe;
Sang Yehuwah karsaa midhangetake
samangsa aku nyenyuwun marang
Panjenengane.
[4] (4-5) Nepsua nanging aja nganti gawe
dosa,
mosika sajroning atimu ana ing paturon,
nanging tetepa meneng. (Selah)
[5] (4-6) Padha nyaosna kurban kang bener,

sarta kumandela marang Sang Yehuwah.
6 (4-7) Kathah tiyang ingkang sami mungel makaten: “Sapa kang bakal nyumurupake kang becik marang aku?”
Dhuh Yehuwah, Paduka mugi karsaa mlethekakaken cahyaning wadana Paduka dhateng kawula sadaya.
7 (4-8) Paduka sampun paring kabingahan dhateng kawula,
nglangkungi tiyang-tiyang samangsa angsal gandum tuwin anggur kathah.
8 (4-9) Kanthi ayem-tentrem kawula badhe leyeh-leyeh lajeng enggal tilem,
amargi dhuh Yehuwah, namung Paduka ingkang njalari kawula manggen kanthi tentrem.

MASMUR 5

Donga ing wayah esuk

5:1-12 (5:1-13)

5 1 Kanggo lurah pasindhen binarung swaraning suling.
Masmur anggitane Sang Prabu Dawud.
(5-2) Dhuh Yehuwah, Paduka mugi karsaa miyarsakaken unjuk kawula,
saha karsaa midhangetaken pasambat kawula.
2 (5-3) Dhuh Ratu kawula saha Allah kawula, Paduka mugi midhangetaken anggen kawula njerit nyuwun pitulungan,

amargi dhumateng Paduka anggen kawula
ndedonga.
3 (5-4) Dhuh Yehuwah ing wanci enjing
Paduka miyarsakaken swara kawula,
ing wanci enjing kawula nyawisaken
kurban wonten ing ngarsa Paduka,
sarta kawula ngantos-antos.
4 (5-5) Amargi Paduka punika Allah ingkang
boten remen dhateng duraka,
tiyang awon boten badhe manggen wonten
ing ngarsa Paduka.
5 (5-6) Tiyang gumunggung boten badhe
tahan wonten ing ngarsa Paduka,
Paduka sengit dhateng sakathahing tiyang
ingkang nindakaken piawon.
6 (5-7) Paduka numpes sakathahipun tiyang
dora-cara,
Yehuwah eneg mirsani tiyang ingkang
ngwutahaken rah saha lampah cidra.
7 (5-8) Nanging kawula Paduka parengaken
sowan lumebet ing padaleman Paduka,
amargi saking agenging sih palimirma
Paduka.
Kawula Paduka parengaken tumungkul sujud
madhep dhateng ing padaleman Paduka
ingkang suci,
kanthi pakering dhumateng Paduka.
8 (5-9) Dhuh Yehuwah Paduka mugi karsaa
nuntun kawula wonten ing kaadilan
Paduka,
awit saking panjejeping mengsah kawula;
Paduka mugi ngradinaken margi Paduka
wonten ing ngajeng kawula.

9 (5-10) Amargi tembungipun tiyang-tiyang
punika boten wonten ingkang temen,
batosipun kebak piawon,
gurungipun kadosdene kubur menga,
ilatipun ngucapaken lelamisan.
10 (5-11) Dhuh Allah, tiyang punika
kajengipun sami nanggel kalepatanipun,
kajengipun sami dhawah margi saking
rancanganipun piyambak,
sami kabucala awit saking kathahing
panerakipun,
amargi sami mbalela dhateng Paduka.
11 (5-12) Nanging sakathahipun tiyang
ingkang ngungsi dhumateng Paduka,
badhe sami suka rena,
sami surak-surak ing salaminipun margi
sami Paduka ayomi
saha margi saking Paduka tiyang ingkang
tresna dhumateng Paduka badhe sami
sumyak-sumyak.
12 (5-13) Amargi Paduka ingkang mberkahi
tiyang mursid, dhuh Yehuwah,
saha Paduka amping-ampingi kalayan
kanugrahan Paduka, kadosdene
tetameng.

MASMUR 6

Pandonga sajrone ati ngolang-ngaling

6:1-10 (6:1-11)

6 1 Kanggo lurah pasindhen binarung ing
swaraning clempung.

Manut lagu: Kang kawolu. Masmur anggitane Sang Prabu Dawud.

(6-2) Dhuh Yehuwah, kawula mugi sampun Paduka ukum kalayan bebendu Paduka,
mugi sampun Paduka perdi kalayan bramantya Paduka.
2 (6-3) Dhuh Yehuwah, kawula mugi Paduka welasi, awit kawula nglayung.
Dhuh Yehuwah, kawula mugi Paduka sarasaken,
awit balung kawula sami gumeter,
3 (6-4) lan nyawa kawula sanget kaget.
Dene Paduka, dhuh Yehuwah, taksih sapinten dangunipun?
4 (6-5) Dhuh Yehuwah, Paduka mugi karsaa wangsul,
karsaa ngentas nyawa kawula,
mugi karsaa ngluwari kawula awit saking sih-kadarman Paduka.
5 (6-6) Awit ing salebetipun pejah boten wonten tiyang ingkang ngenget-enget dhumateng Paduka,
wonten ing teleng palimengan sinten ingkang badhe memuji dhumateng Paduka?
6 (6-7) Kawula sampun lesah margi saking pangesah kawula,
ing saben dalu patileman kawula kebesan ing luh kawula,
amben kawula kawula benani kalayan luh kawula.
7 (6-8) Mripat kawula ngantos pendul margi saking sisah,

sarta lamur jalaran kathahing tiyang
ingkang ngrupeki manah kawula.
8 (6-9) Heh wong kang padha gawe piala,
sumingkira saka ing ngarepku,
amarga Sang Yehuwah wus miyarsa
tangisku.
9 (6-10) Sang Yehuwah wus mireng
panyuwunku,
Sang Yehuwah nampeni pandongaku.
10 (6-11) Sakehing satruku padha kawirangan
sarta kaget banget,
lan mundur sakal tuwin kawirangan kabeh.

MASMUR 7

Gusti Allah iku Hakim kang adil

7:1-17 (7:1-18)

7 1 Kidung pasambat anggitane Sang Prabu
Dawud, kang dikidungake konjuk marang
Sang Yehuwah, marga saka tembunge Kusy,
wong Benyamin.
(7-2) Dhuh Yehuwah, Gusti kawula, Paduka
ingkang kawula suwuni pangayoman,
mugi karsaa ngluwari kawula saking
sakathahipun tiyang ingkang ngoyak-
oyak kawula, kawula mugi Paduka
luwari,
2 (7-3) supados sampun ngantos nubruk
kawula kadosdene singa,
sarta nyered kawula, saha boten wonten
ingkang nguwalaken.

3 (7-4) Dhuh Yehuwah, Gusti kawula, manawi
kawula tumindak makaten:
manawi tangan kawula nindakaken
kaculikan,
4 (7-5) manawi kawula damel piawon
dhateng tiyang ingkang tepangipun sae
kaliyan kawula,
utawi mitunani tiyang ingkang nyatru
kawula tanpa sabab,
5 (7-6) manawi makaten, mugi kawula
kabujenga ing mengsah ngantos
kacepeng,
lajeng gesang kawula dipun idak-idaka ing
siti,
saha kaluhuran kawula kapendhema ing
lebu. (Selah)
6 (7-7) Dhuh Yehuwah, mugi karsaa
jumeneng ing salebeting bebendu
Paduka,
mugi karsaa jumeneng nadhahi pangigit-
igitipun tiyang ingkang sami nglawan
dhateng kawula,
mugi Paduka wungu mitulungi kawula
amargi Paduka ingkang mrentahaken
pangadilan.
7 (7-8) Dene para bangsa kajengipun sami
nglempak ngupengi Paduka,
Paduka lajeng karsaa lenggah ing
sanginggilipun ing papan ingkang inggil.
8 (7-9) Sang Yehuwah ngadili para bangsa.
Dhuh Yehuwah, mugi Paduka karsaa
ngadili kawula,

punapa kawula leres, saha punapa kawula
tulus eklas.
9 (7-10) Mugi-mugi piawoning tiyang duraka
sageda mantun,
nanging tiyang mursid mugi Paduka
santosakaken,
Paduka ingkang ndadar manah saha batosing
tiyang,
dhuh Allah ingkang adil.
10 (7-11) Gusti Allah iku tetamengku,
kang mitulungi wong kang burus ing ati.
11 (7-12) Gusti Allah iku Hakim kang adil,
tuwin Allah kang tansah nglairake
bebendune.
12 (7-13) Manawa wong ora mratobat,
Gusti Allah bakal ngasah pedhange,
menthang gandhewane, lan kaenerake.
13 (7-14) Gegaman ampuh kacawisake
kanggo wong mau,
jemparinge diurubake.
14 (7-15) Lah wong iku ngandhut piala
lan ngandheg bilai nuli nglairake cidra;
15 (7-16) nuli gawe luwangan, didhudhuk,
nanging kecemplung dhewe ing luwangan
gaweane mau.
16 (7-17) Piala kang ditindakake mau mbalik
nempuh endhase dhewe,
sarta panganiayane nibani pathake dhewe.
17 (7-18) Aku arep ngunjukake panuwun
marang Sang Yehuwah amarga saka
kaadilane,
sarta ngidungake masmur kagem asmane
Sang Yehuwah, Kang Mahaluhur.

MASMUR 8

Manungsa kang asor dadi titah kang luhur

8:1-9 (8:1-10)

8 1 Kanggo lelurahing pasindhen. Manut
lagu: Gitit. Masmur anggitane Sang Prabu
Dawud.
(8-2) Dhuh Yehuwah, Gusti kawula,
iba mulyanipun asma Paduka wonten ing salumahing bumi,
kamulyan Paduka ingkang ngungkuli langit kakidungaken.
2 (8-3) Sarana cangkemipun bayi-bayi lan manungsa.
Paduka sampun nalesi kakiyatan margi saking lawanan Paduka,
supados mbungkem mengsah tuwin tiyang ingkang watek remen males piawon.
3 (8-4) Manawi kawula ningali langit pakaryanipun asta Paduka,
punapa dene rembulan saha lintang-lintang ingkang sampun Paduka tata,
4 (8-5) manungsa punika punapa ta, dene Paduka engeti?
Punapa ta anaking manungsa punika, dene Paduka galih?
5 (8-6) Ewadene Paduka dadosaken langkung andhap sakedhik katimbang
kaliyan titah ing swarga,

sarta Paduka makuthani kalayan kaluhuran
saha kamulyan.
6 (8-7) Paduka kuwaosaken mengku
yeyasaning asta Paduka,
samukawis sadaya Paduka paringaken
wonten ing sangandhaping
tlapakanipun:
7 (8-8) sakathahipun menda tuwin lembu,
ugi sato-kewan ing ara-ara,
8 (8-9) peksi ing awang-awang saha ulam ing
saganten,
saha samukawis ingkang langkung ing
margining saganten.
9 (8-10) Dhuh Yehuwah, Gusti kawula,
iba mulyanipun asma Paduka wonten ing
salumahing bumi.

MASMUR 9

Gusti Allah iku pangayomaning wong saleh

9:1--10:18

9 1 Kanggo lurah pasindhen. Manut lagu:
Mut-Laben. Masmur anggitane Sang Prabu
Dawud.
(9-2) Kawula badhe ngunjukaken panuwun
dhumateng Sang Yehuwah kalayan
gumolonging manah,
kawula badhe nyariyosaken sakathahing
kaelokan Paduka.
2 (9-3) Kawula badhe bingah-bingah sarta
asumyak-sumyak awit saking Paduka,

Asma Paduka kawula puji klayan masmur,
dhuh Gusti,
Sang Mahaluhur,
3 (9-4) awit mengsah kawula sami mundur,
rebah lajeng sirna wonten ing ngarsa
Paduka.
4 (9-5) Amargi Paduka ingkang mbelani
prakawis kawula lan wewenang kawula,
temah kawula angsal kaleresan,
Paduka lenggah ing dhampar jumeneng
Hakim ingkang adil.
5 (9-6) Para bangsa sami Paduka ancam,
para tiyang duraka Paduka tumpes;
namanipun Paduka sirnakaken langgeng ing
salaminipun.
6 (9-7) Mengsah sampun sami tumpes tapis,
dados gempuran ngundhuk-undhuk ing
salaminipun,
kithanipun sampun sami Paduka gempuri,
sampun boten dipun engeti malih babar
pisan.
7 (9-8) Nanging Sang Yehuwah wus lenggah
ing dhampar salawase,
dhampare kang kaadegake iku kanggo
nindakake pangadilan.
8 (9-9) Iya Panjenengane iku kang ngukumi
jagad kalawan adil,
sarta ngadili para bangsa kalawan patitis.
9 (9-10) Iya mangkono iku anggone Sang
Yehuwah dadi pangauban tumrap wong
kang katindhes,
dadi pangauban ing wektu karubedan.

10 (9-11) Tiyang ingkang wanuh kaliyan asma Paduka, punika sami kumandel dhateng Paduka,
amargi Paduka, boten nate negakaken tiyang ingkang ngupadosi Paduka, dhuh Yehuwah.
11 (9-12) Padha ngidungna masmur kagem Sang Yehuwah, kang akedhaton ing Sion.
Padha nyaritakna pandamele ana ing tengahing para bangsa.
12 (9-13) Dene Panjenengane kang males marang wong kang ngwutahake getih, enget marang wong kang katindhes,
ora kesupen marang pasambate.
13 (9-14) Dhuh Yehuwah, kawula mugi Paduka welasi,
mugi nupiksani kasrakatan kawula margi saking pandamelipun para tiyang ingkang sengit dhateng kawula;
Paduka ingkang ngentasaken kawula saking gapuraning pejah,
14 (9-15) supados kawula saged nyariyosaken sadaya pakaryan Paduka, ingkang wajib pinuji punika,
sarta wonten ing gapuraning putri ing Sion, kawula asurak-surak,
awit saking pangluwaran ingkang Paduka paringaken.
15 (9-16) Bangsa-bangsa wus padha kecemplung ing luwangan gaweane dhewe,

sikile padha kena ing jiret, pasangane
dhewe.
16 (9-17) Sang Yehuwah wus nglairake
sarirane, Panjenengane nindakake
pangadilan;
wong duraka kejiret ing pasangane dhewe.
Higayon. (Selah)
17 (9-18) Para wong duraka bakal padha bali
menyang ing teleng palimengan,
malah uga sakehing bangsa kang padha
lali marang Gusti Allah.
18 (9-19) Awitdene wong mlarat iku ora
dilalekakake ing sateruse,
wong kang kesrakat ora kelangan
pangarep-arep ing salawase.
19 (9-20) Dhuh Yehuwah, mugi karsaa
jumeneng, manungsa sampun ngantos
angsal kaunggulan,
para bangsa sami kadhawahana
pangadilan wonten ing ngarsa Paduka.
20 (9-21) Dhuh Yehuwah, mugi sami Paduka
damel geter,
satemah para bangsa sami ngakeni,
bilih namung manungsa kemawon
kawontenanipun. (Selah)

10 1 Dhuh Yehuwah, punapaa dene Paduka
jumeneng wonten ing katebihan,
sarta umpetan ing wekdal karupekan?
2 Amargi gumunggungipun tiyang duraka
sanget-sanget anggenipun mbebujeng
para tiyang ingkang katindhes.

Mugi-mugi tiyang duraka punika ketamana
ing kekajenganipun awon ingkang
karantam.
3 Awit tiyang duraka punika ngegung-
egungaken pepenginaning manahipun,
lan tiyang kethaha punika nyupatani lan
ngawon-awon Sang Yehuwah.
4 Tiyang duraka wicanten kaliyan nyungiraken
irungipun:
"Gusti Allah rak ora bakal nuntut!"
sadaya gagasanipun mungel: "Ora ana
Allah."
5 Salampah-lampahipun tansah kasil,
pangadilan Paduka kinggilen tumrap
piyambakipun;
sadaya ingkang nglawan dipun remehaken.
6 Manahipun mosik makaten: "Aku ora bakal
gograg,
aku ora bakal tinempuh ing bilai nganti
turun-tumurun."
7 Cangkemipun kebak ipat-ipat lan cidra sarta
panyikara,
ilatipun isi piawon lan panyiksa.
8 Tiyang wau ngindhik-indhik wonten ing
gubug-gubug,
wonten ing pandhelikan mejahi tiyang
ingkang boten lepat,
mripatipun ngindhik tiyang ingkang apes.
9 Wonten ing pangumpetan ngulat-ulataken,
kados singa wonten ing gegrumbulan;
ngindhik-indhik sumedya nubruk tiyang
ingkang kesrakat,
kagered dhateng ing jaringipun.

10 Mendhak, ndhekem,
para tiyang ringkih lajeng sami dhumawah ing cengkeremaning kukunipun ingkang kiyat.
11 Tiyang wau mosik ing salebeting manahipun: “Gusti Allah kalepyan,
wedanane ditutupi, mesthi bakal ora pirsa ing sateruse.”
12 Dhuh Yehuwah, Paduka mugi karsaa jumeneng. Dhuh Allah mugi karsaa mulungaken asta Paduka,
sampun ngantos kesupen dhateng tiyang ingkang kesrakat.
13 Punapaa dene tiyang duraka nyenyamah Gusti Allah,
kaliyan mosik ing salebeting manahipun: “Gusti Allah rak ora nuntut.”
14 Paduka pancen mirsa, awit Paduka nguningani kasisahan tuwin sakiting manah,
Paduka pundhut wonten ing asta Paduka piyambak,
tiyang apes sumendhe ing Paduka,
Paduka punika ingkang mitulungi lare lola.
15 Tanganipun tiyang duraka saha tiyang awon mugi Paduka tugel,
durakanipun mugi Paduka cuthati, ngantos Paduka boten manggih malih.
16 Sang Yehuwah jumeneng Raja ing sateruse lan ing salawase.
Bangsa-bangsa padha sirna saka ing tanah kagungane.

17 Dhuh Yehuwah, pepenginanipun para
tiyang ingkang katindhes sampun
Paduka pirengaken.
Manahipun Paduka santosakaken, talingan
Paduka tumiling,
18 prelu paring kaleresan dhateng lare lola
saha tiyang ingkang katindhes,
supados sampun ngantos wonten
manungsa ing bumi malih ingkang
damel giris.

MASMUR 11

Sang Yehuwah iku jumeneng dadi pangayoman

11:1-7

11 1 Kanggo lurah pasindhen. Anggitane
Prabu Dawud.
Aku ngayom marang Sang Yehuwah,
kepriye dene kowe padha wani kandha
marang aku:
"Mabura menyang gunung kaya manuk!"
2 Awit delengen, wong duraka padha
menthang gandhewa,
panahe dietrapake ing sendheng,
sumedya dilepasake marang wong kang
burus atine ana ing panggonan kang
peteng.
3 Samangsa tetalese padha dibubrahi,
wong mursid iku bisa nindakake apa?
4 Sang Yehuwah ana ing padalemane kang
suci;

Sang Yehuwah dhampare ana ing swarga;
tingale maspadakake,
kedheping tingale niti-priksa anaking
manungsa.
5 Sang Yehuwah ndadar wong mursid lan
wong duraka,
lan gething marang wong duraka, kang
seneng tumindak keras.
6 Wong duraka padha diudani areng
mengangah lan welirang;
angin kang nggesengake ngebaki tuwunge.
7 Amarga Sang Yehuwah iku adil;
remen marang kaadilan:
wong kang burus atine bakal nyawang
wedanane.

MASMUR 12

Pandonga nyuwun pitulungan marga saka anane wong culika

12:1-9

12 1 Kanggo lurah pasindhen. Manut lagu:
Kang kawolu. Masmur anggitane Prabu
Dawud.
(12-2) Dhuh Yehuwah mugi karsaa paring
pitulungan, awit sampun boten wonten
tiyang mursid,
tiyang setya sampun sirna saking ing
antawisipun anaking manungsa.
2 (12-3) Rambagipun sami apus-ingapusan,
wicantenipun mawi lambe lamis, mawi
manah rangkep.

3 (12-4) Muga-muga Pangeran numpes
sakehing lambe lamis
lan ilat kang umuk-umukan,
4 (12-5) yaiku kang padha ngucap mangkene:
“Kalawan ilatku aku padha menang!
Lambeku kang mbiyantu aku! Sapa kang
mrentah aku?”
5 (12-6) Jalaran wong kang ringkih padha
katindhes,
lan marga saka pangrintihe para wong
mlarat
Ingsun saiki uga jumeneng, mangkono
pangandikane Sang Yehuwah,
sarta mitulungi wong kang banget anggone
ngantu-antu marang pitulungan.
6 (12-7) Pangandikane Sang Yehuwah iku
Sabda kang murni,
kayadene selaka kang binesot,
rinesikan ambal ping pitu ana ing kowi ing
bumi.
7 (12-8) Dhuh Yehuwah, Paduka badhe
netepi,
kawula tansah badhe Paduka ayomi,
Paduka uwalaken saking jinis punika.
8 (12-9) Para wong duraka padha
klambrangan mrana-mrana,
samangsa budi kang nistha jumedhul ing
satengahing anaking manungsa.

MASMUR 13

Pandonga bab pracaya

13:1-6

13 1 Kanggo lurah pasindhen. Masmur anggitane Prabu Dawud.

2 Dhuh Yehuwah, ngantos pinten dangunipun
malih anggen Paduka boten ngengeti
kawula?
Ngantos pinten dangunipun malih anggen
Paduka nutupi wedana Paduka dhateng
kawula?
3 Ngantos dumugi benjing punapa anggen
kawula kedah ngraosaken kwatos,
sarta anggenipun manah kawula sedhih
ing sadinten-dinten?
ngantos benjing punapa satru kawula
anggenipun ngungkuli kawula?
4 Dhuh Yehuwah Allah kawula, Paduka mugi
karsaa mirsani,
karsaa paring wangsulan dhumateng kawula;
mripat kawula kapadhangna supados
kawula sampun ngantos katileman
lajeng pejah;
5 tuwin supados satru kawula sampun
ngantos wicanten makaten:
"Wus daksorake,"
punapa malih mengsah kawula sampun
ngantos surak-surak, manawi kawula
keguh.

6 Nanging kawula kumandel dhumateng sih-kadarman Paduka,
manah kawula abingah-bingah margi saking pitulungan Paduka.
Aku arep kekidungan kagem Sang Yehuwah, amarga wus paring kasaenan marang aku.

MASMUR 14

Kapunggungane manungsa

14:1-7

14 1 Kanggo lurah pasindhen. Anggitane Prabu Dawud.
Wong punggung mosik ing sajroning atine: "Ora ana Allah."
Apa kang dilakoni iku jember lan nistha,
ora ana kang nglakoni kabecikan.
2 Saka ing swarga Sang Yehuwah mirsani mangisor
marang para anaking manungsa,
karsa nguningani apa ana kang kadunungan akal budi
lan ngupaya Gusti Allah.
3 Wus padha nyimpang kabeh, kabeh wus bejad
ora ana kang gawe becik, sijia bae ora ana.
4 Apa ora rumangsa kabeh wong kang padha nglakoni piala,
kang padha mangsa umatingSun nganti entek kayadene mangan roti bae,

lan kang ora nyebut marang Sang Yehuwah?
5 Ana ing kana padha ketaman ing pagiris kang banget,
amarga Gusti Allah ana ing satengahe golongane wong mursid.
6 Kowe padha bisa ngerang-erang kekarepane wong kang katindhes,
nanging Sang Yehuwah jumeneng dadi pangayomane.
7 Muga-muga karahayoning Israel laira saka ing Sion!
Samangsa Sang Yehuwah mulihake kaanane umate,
Yakub bakal asurak-surak, Israel bakal suka rena.

MASMUR 15

Sapa kang diparengake sowan marang ing ngarsane Sang Yehuwah?

15:1-5

15 1 Masmur anggitane Prabu Dawud.
Dhuh Yehuwah, sinten ingkang kepareng mondhok wonten ing tarub Paduka?
Sinten ingkang kelilan manggen wonten ing redi Paduka ingkang suci?
2 Yaiku wong kang lakune tanpa cacad
lan nindakake apa kang adil,
apadene ngucapake kabeneran kanthi gumolonging atine,

3 kang ora nyebar pitenah kalawan ilate,
sarta ora nindakake piala marang kancane,
lan ora memada marang pepadhane;
4 kang nganggep asor marang kang ambek nistha,
nanging ngajeni wong kang padha wedi asih marang Sang Yehuwah;
kang ngantepi supatane, sanadyan kapitunan;
5 kang ora nganakake dhuwite
lan ora nampani besel nglawan wong kang ora lupuh.
sapa kang tumindake kang mangkono mesthi ora keguh ing salawas-lawase.

MASMUR 16

Rahayu wong kang mursid

16:1-11

16 1 Miktam. Anggitane Prabu Dawud.
Dhuh Allah, Paduka mugi karsaa rumeksa dhumateng kawula,
amargi kawula ngayom dhumateng Paduka.
2 Unjukku marang Sang Yehuwah mangkene: "Paduka punika Gusti kawula,
tumrap kawula boten wonten ingkang sae kajawi Paduka."
3 Para suci ingkang wonten ing tanah ngriki,
punika sami tiyang mulya ingkang tansah dados kabingahan kawula.

4 Tiyang ingkang nyembah allah sanesipun
punika kasisahanipun sangsaya mindhak
ageng;
kurbanipun sok-sokan rah kawula boten
tumut nyaosaken;
namanipun ugi boten kula ucapaken ing
lambe kawula.
5 Dhuh Yehuwah, Paduka ingkang dados
panduman warisan saha tuwung kawula.
Paduka piyambak ingkang murugaken
panduman ingkang kaundhekaken
dhateng kawula saged lestantun.
6 Dhawahipun tangsul pangukur ingkang
kangge kawula wonten ing papan
ingkang nengsemaken;
siti pusaka kawula ngresepaken manah
kawula.
7 Aku ngalembana marang Sang Yehuwah,
kang paring pitedah marang aku;
malah ing wayah bengi aku digegulang
dening telenging batinku.
8 Aku tansah madhep marang Sang Yehuwah,
manawa Panjenengane jumeneng ana ing
tengenku,
aku mesthi ora nganti keguh.
9 Mulane atiku bungah-bungah lan nyawaku
asurak-surak,
malah dagingku bakal manggon kalawan
tentrem.
10 Amargi Paduka boten masrahaken kawula
dhateng ing teleng palimengan;
Paduka boten marengaken manawi kekasih
Paduka ngantosa sumerep kluwat.

11 Paduka ingkang nedahaken margining
gesang dhateng kawula;
kabingahan pinanggih luber wonten ing
ngarsa Paduka;
ing asta Paduka ingkang tengen wonten
kanikmatan ingkang langgeng.

MASMUR 17

Tanpa kaluputan kaoyak-oyak

17:1-15

17 1 Pandongane Prabu Dawud.
Dhuh Yehuwah, mugi karsaa
miyarsakaken dhateng prakawis ingkang
leres,
mugi karsaa nggatosaken ing pasambat
kawula;
sarta mugi karsaa nilingaken dhateng ing
pandonga kawula,
saking ing lambe ingkang boten dora.
2 Mugi kawula angsala kaadilan saking
Paduka:
paningal Paduka mugi nguningani punapa
ingkang leres.
3 Manawi Paduka nguji dhateng manah
kawula,
niti kawula ing wanci dalu,
saha mriksa kawula
Paduka boten badhe manggih punapa-
punapa ingkang awon,
ing cangkem kawula boten wonten
panerak.

4 Menggah pandamelanipun tiyang,
manut sabda ingkang Paduka
pangandikakaken,
kawula boten tumut-tumut kaliyan
tindakipun tiyang ingkang sami ambek
roda-peksa;
5 lampah kawula tetep ndherek ing tindak
Paduka
saha suku kawula boten sleyoran.
6 Kawula nyebut dhumateng Paduka, amargi
Paduka paring wangsulan dhumateng
kawula, dhuh Allah;
mugi Paduka karsaa nanggapaken talingan
Paduka dhateng kawula mugi karsaa
miyarsakaken atur kawula.
7 Mugi Paduka karsaa ngatingalaken
sih-rahmat Paduka ingkang elok,
Paduka ingkang ngluwari tiyang ingkang
sami ngungsi dhateng ing pangaubaning
asta Paduka ingkang tengen
margi saking wontenipun para ingkang
sami mbalela.
8 Mugi kawula Paduka reksa kados maniking
mripat,
sarta Paduka dhelikaken wonten ing
ayoming swiwi Paduka:
9 margi wonten tiyang duraka ingkang sami
ngangkah dhateng karisakan kawula,
inggih satru bebuyutan ingkang sami
ngepang kawula.
10 Tiyang wau sami boten ngatingalaken
sih-kawelasan,
sami ngumbar kumalungkungipun;

11 sami ngetutaken ing lampah-lampah
kawula, sapunika sami ngrubung
kawula,
mripatipun ngangkah badhe ngeplekaken
kawula ing bumi.
12 Rupinipun kados singa ingkang badhe
ndekep,
kados singa nem ingkang ndhekem wonten
ing pandhelikan.
13 Dhuh Yehuwah mugi karsaa jumeneng,
karsaa methukaken tiyang-tiyang wau
saha Paduka rebahaken,
Paduka mugi karsaa ngluwari kawula
saking tiyang duraka klayan pedhang
Paduka.
14 Dhuh Yehuwah, Paduka mugi karsaa
ngluwari kawula kalayan asta Paduka,
saking tiyang-tiyang kadonyan punika
ingkang pandumanipun wonten ing
gesang samangke,
padharanipun katuwukana ing simpenan
Paduka,
satemah anakipun sami tuwuk,
sarta tirahanipun katilarna dhateng ing
bayi-bayinipun.
15 Nanging kawula, badhe nyawang wadana
Paduka wonten ing salebeting kaleresan;
tuwin ing satangi kawula, kawula badhe
katuwukan ing pasuryan Paduka.

MASMUR 18

Kidung pamuji sokur anggitane Prabu Dawud

18:1-50 (18:1-51)

18 1 Kanggo lurah pasindhen. Masmur
anggitane abdine Sang Yehuwah, yaitu
Prabu Dawud kang ngunjukake wirasane
kidung iki marang Sang Yehuwah, nalika wus
kaluwaran dening Sang Yehuwah saka ing
cengkeremaning sakehing mungsuhe lan saka
ing astane Sang Prabu Saul.
(18-2) Unjuke mangkene:
"Kawula tresna dhumateng Paduka,
dhuh Yehuwah ingkang dados karosan kawula!
2 (18-3) Dhuh Yehuwah, peparang kawula,
beteng kawula saha ingkang ngluwari kawula,
Allah kawula ingkang dados peparang pangauban kawula,
tetameng kawula, singating karahayon kawula, kitha beteng kawula!
3 (18-4) Pinujia Pangeran Yehuwah:
mangkono unjukku kalawan sora;
temah aku diuwalake saka ing mungsuhku.
4 (18-5) Aku tinalikung ing tetalining pati,
sarta tinempuh ing banjiring karusakan.
5 (18-6) Aku digubed ing jireting teleng palimengan,
kalajireting pati ngadhang-adhangi aku.

6 (18-7) Sajroning karubedanku aku nyebut marang Sang Yehuwah;
sarta sesambat marang Allahku nyuwun tulung.
Panjenengane tumuli miyarsakake swaraku saka ing kedhatone,
sarta pasambatku nyuwun tulung tumeka ing talingane.
7 (18-8) Ing kono bumi banjur horeg gonjang-ganjing,
sarta dhasar-dhasaring gunung padha horeg lan gumeter,
amarga saka mulad-mulading bebendune.
8 (18-9) Kukus kumelun saka ing granane,
saka ing tutuke medal geni kang memangsa,
mawa mengangah metu saka ing Panjenengane.
9 (18-10) Langit ditiyungake, nuli tumedhak,
mendhung nggameng ana ing sangisoring sampeyane.
10 (18-11) Panjenengane nitih Kerub, banjur mabur
lan nglayang ana ing swiwining angin.
11 (18-12) Pepeteng ing sakubenge kadadekake pasingidane,
kang dadi tarube:
yaiku udah kang peteng lan mendhung kang kandel.
12 (18-13) Marga saka cahya kang sumunar ing ngarsane mendhunge padha ilang
bareng karo udan es lan mawa mengangah.

13 (18-14) Sang Yehuwah banjur gumludhug ana ing langit,
Kang Mahaluhur ngulukake swarane.
14 (18-15) Jemparing-jemparinge dilepasake temah mungsuhe padha buyar,
nlorongake bledheg, satrune padha bingung.
15 (18-16) Dhasar-dhasaripun seganten lajeng sami katingal,
saha tetalesing jagad sami kaungkaban
amargi saking bebendu Paduka, dhuh Yehuwah,
saha margi saking bantering abab saking grana Paduka.
16 (18-17) Panjenengane tumuli mulung astane saka ing ngaluhur,
aku banjur diasta,
lan kaentasake saka ing banjir.
17 (18-18) Aku kauwalake saka ingmungsuhku kang rosa
lan saka ing wong-wong kang padha sengit marang aku,
amarga iku kakuwatane ngungkuli aku.
18 (18-19) Iku wus padha nyegat aku ing nalikane aku lagi kacilakan,
nanging Sang Yehuwah dadi pikukuhku;
19 (18-20) Panjenengane nuntun aku metu menyang ing papan kang omber,
aku diluwari amarga karenan marang aku.
20 (18-21) Sang Yehuwah males aku miturut ing kabeneranku,
ngganjar aku miturut karesikaning tanganku,

21 (18-22) amarga aku ngantepi anggonku ngambah ing margining Sang Yehuwah,
lan aku ora tumindak duraka marang Allahku.
22 (18-23) Awit aku nggatekakake sakehing angger-anggere
lan pranatane ora daklirwakake,
23 (18-24) saparipolahku tanpa cacad ana ing ngarsane,
lan aku tansah ngedohi kaluputan.
24 (18-25) Mulane aku diwales Sang Yehuwah miturut kabeneranku,
iya miturut ing resiking tanganku ana ing ngarsane paningale.
25 (18-26) Tumrap tiyang ingkang setya Paduka ugi tumindak setya,
tumrap tiyang ingkang tanpa cacad Paduka ugi tumindak tanpa cacad.
26 (18-27) Tumrap tiyang ingkang suci, Paduka inggih tumindak suci,
nanging tumraping tiyang para-cidra Paduka inggih tumindak mbulat-mbulet.
27 (18-28) Amargi bangsa ingkang katindhes Paduka pitulungi,
nanging mripat ingkang kumingsun Paduka soraken.
28 (18-29) Jer Paduka ingkang damel murubing dilah kawula;
Sang Yehuwah Allah kawula ingkang madhangaken pepeteng kawula.
29 (18-30) Amargi kaliyan Paduka kawula wantun nanggulangi grombolan,

kaliyan Allah kawula, kawula wantun
nglumpati balowarti.
30 (18-31) Anadene Gusti Allah iku margine
sampurna;
kasagahane Sang Yehuwah iku murni;
Gusti Allah dadi tetameng tumrap sakehing
wong
kang ngayom marang Panjenengane.
31 (18-32) Amarga sapa ta kang jumeneng
Allah aliya Sang Yehuwah,
lan sapa kang dadi peparang kejaba Gusti
Allah kita?
32 (18-33) Gusti Allah, iya Panjenengane iku
kang nyabuki aku kalawan karosan,
kang ngratakake dalanku;
33 (18-34) kang ndadekake sikilku kaya
sikiling menjangan
lan ngadegake aku ana ing pagunungan;
34 (18-35) kang mulang perang tanganku,
nganti lengenku bisa menthang gandhewa
tembaga.
35 (18-36) Paduka maringi tetamenging
karahayon dhateng kawula,
asta tengen Paduka nyanggi kawula,
sih-palimirma Paduka damel luhur kawula.
36 (18-37) Paduka maringi papan ingkang
omber dhumateng jangkah kawula,
temah polok kawula boten ngantos kesliyo.
37 (18-38) Mengsah kawula sami kawula
oyak, ngantos kecepeng,
sarta kawula boten wangsul-wangsul
saderengipun tumpes sadaya;

38 (18-39) inggih sami kawula gebag ngantos boten saged tangi malih,
sami ambruk wonten ing sangandhapipun tlapakan kawula.
39 (18-40) Kawula sampun Paduka sabuki klayan karosan tumrap ing perang;
ingkang sami nglawan kawula punika sampun Paduka telukaken wonten ing sangandhaping pangwaos kawula.
40 (18-41) Mengsah kawula sampun Paduka damel sami keplajeng saking ngajeng kawula,
sarta para tiyang ingkang sami sengit dhumateng kawula sami kawula tumpes.
41 (18-42) Sami sesambat nedha tulung, nanging boten wonten ingkang mitulungi
sami sesambat dhumateng Sang Yehuwah, nanging boten kaparingan wangsulan.
42 (18-43) Sami kawula ejur-ejur ngantos lembat kados lebu ingkang kabur ing angin,
kawula bucal kados blethok ing margi.
43 (18-44) Paduka sampun nguwalaken kawula saking bebantahaning rakyat;
kawula Paduka angkat dados pengagenging para bangsa;
bangsa ingkang boten tepang kaliyan kawula punika sami ngabdi dhateng kawula;
44 (18-45) kupingipun saweg mireng kawula kemawon,
lajeng sami mbangun miturut dhumateng kawula;

tiyang ngamanca sami sujud lan
ngrampek-ngrampek dhateng kawula.
45 (18-46) Tiyang-tiyang ngamanca sami
nglumpruk tanpa bayu,
sarta sami medal nilar beteng-betengipun
klayan gumeter.
46 (18-47) Sang Yehuwah gesang! Pinujia
peparangku,
linuhurna Gusti Allah, Juru Slametku.
47 (18-48) Gusti Allah kang malesake aku,
lan wus nelukake para bangsa marang
sangisoring pangwasaku,
48 (18-49) kang wus ngluwari aku saka
mungsuhku.
Paduka malah sampun ngluhuraken
kawula ngungkuli para tiyang ingkang
nglawan kawula;
kawula Paduka luwari saking tiyang ingkang
ambek siya.
49 (18-50) Pramila dhuh Yehuwah, kawula
badhe ngidungaken pamuji sokur
wonten ing antawisipun para bangsa,
asma Paduka badhe kawula luhuraken
kanthi kidung masmur.
50 (18-51) Panjenengane ngganjar
kaslametan kang linuwih marang raja
kang kajumenengake,
lan paring sih-rahmat marang kang
dijebadi,
yaiku marang Prabu Dawud lan
satedhak-turune nganti ing salawase.”

MASMUR 19

Kamulyane Sang Yehuwah ana ing pakaryaning astane lan ana ing angger-anggere

19:1-14 (19:1-15)

19 [1] Kanggo lurah pasindhen. Masmur anggitane Prabu Dawud.
(19-2) Langit nyaritakake kamulyaning Allah,
sarta akasa mratelakake yeyasaning astane;
[2] (19-3) rina ngluberake pawarta iku ganti-gumanti,
lan wayah bengi medharake kawruh ganti-gumanti.
[3] (19-4) Ora ana pawarta lan ora ana tembung,
ora keprungu swarane,
[4] (19-5) ewadene kumandhange ngebeki salumahing bumi,
pamicarane tumeka ing pungkasaning jagad.
Pangeran wus mrenahake tarubing surya ana ing langit
[5] (19-6) kang pletheke kaya panganten lanang kang lagi metu saka ing kamare,
berag kaya prawira kang arep lumaku ing dalane.
[6] (19-7) Wetune saka ing tepining langit
sarta ubenge tumeka ing sisih liyane,

ora ana barang kang ora kena ing panasing
sunare.
7 (19-8) Angger-anggere Sang Yehuwah iku
sampurna,
nyegerake nyawa;
pranatane Sang Yehuwah iku setya tuhu,
aweh kawicaksanan marang wong kang
ora duwe pangalaman.
8 (19-9) Pangandikane Sang Yehuwah iku
patitis,
mbungahake ati;
prentahe Sang Yehuwah iku murni,
gawe sumoroting mripat.
9 (19-10) Wedi marang Sang Yehuwah iku
suci,
lestari ana ing salawase;
paugerane Sang Yehuwah iku bener,
kabeh adil,
10 (19-11) endahe ngungkuli mas,
malah ngluwihi mas murni akeh;
legine ngungkuli madu,
malah ngungkuli rembesing madu saka ing
tala tawon.
11 (19-12) Lan malih abdi Paduka dipun
engetaken dening punika wau sadaya,
sarta tiyang ingkang netepi tampi ganjaran
ageng.
12 (19-13) Sinten ingkang saged ngyektosi
panasaran?
Paduka mugi karsaa ngluwari kawula
saking ingkang boten kawula ngretosi.

13 (19-14) Abdi Paduka mugi Paduka ayomi,
ugi margi saking wontenipun tiyang ingkang sami ndhugal;
punika sampun ngantos sami ngwaosi kawula!
Kawula lajeng tetep tanpa cacad
saha resik saking ing panerak ingkang ageng.
14 (19-15) Mugi-mugi Paduka karenan dhateng
kedaling cangkem kawula tuwin pangangen-angen kawula
lan panggagasing manah kawula, dhuh Yehuwah,
peparang kawula, saha panebus kawula.

MASMUR 20

Pandonga nyuwun kaunggulan kagem Sang Prabu

20:1-9 (20:1-10)

20 1 Kanggo lurah pasindhen. Masmur anggitane Prabu Dawud.
(20-2) Sang Yehuwah mugi karsaa paring wangsulan dhumateng panjenengan dalem ing wekdal karibedan;
asmaning Allahipun Rama Yakub mugi dadosa bebeteng dalem.
2 (20-3) Sang Yehuwah mugi ngintunana pitulungan saking pasucen dhateng panjenengan dalem,

sarta nyantosakaken panjenengan dalem
saking Sion.
3 (20-4) Gusti Allah mugi karsaa ngengeti
sakathahing sesaosan dalem kurban,
sarta karsaa nampeni kurban obaran
dalem. (Selah)
4 (20-5) Mugi panjenengan dalem pinaringan
punapa ingkang kakarsakaken,
sarta mugi sageda kalampahan punapa
ingkang panjenengan dalem rancang.
5 (20-6) Kawula sami badhe surak-surak
margi saking kaunggulan dalem,
sarta masang umbul-umbul margi saking
asmanipun Gusti Allah kawula,
Sang Yehuwah mugi njurungana ing
sapanyuwun dalem.
6 (20-7) Saiki aku sumurup yen Sang
Yehuwah paring kaunggulan marang
kang dijebadi,
lan paring wangsulan saka ing swargane
kang suci
kalawan kamenangan kang gumilang
dening astane tengen.
7 (20-8) Wong iku padha nggunggung
karetane lan wong kae nggunggung
jarane,
nanging aku padha nggunggung asmane
Sang Yehuwah Allahku.
8 (20-9) Wong iku padha ambruk, padha tiba,
nanging aku padha ngadeg jejeg.
9 (20-10) Dhuh Yehuwah, Paduka mugi
paring kaunggulan dhateng Sang Prabu!

Mugi karsaa paring wangsulan samangsa
kawula munjuk!

MASMUR 21

Kidung panuwun marga Sang Prabu unggul

21:1-13 (21:1-14)

21 1 Kanggo lurah pasindhen. Masmur
anggitane Prabu Dawud.
(21-2) Dhuh Yehuwah, Sang Prabu suka rena
margi saking pangwaos Paduka,
sanget ing bingahipun margi saking
kaunggulan peparing Paduka!
2 (21-3) Sapangesthining panggalihipun
sampun Paduka paringi,
saha panyuwun ingkang kawedal saking
lathinipun boten Paduka tampik. (Selah)
3 (21-4) Dene sampun Paduka pethuk
kalayan berkah ingkang luber;
saha Paduka agemi makutha kancana
murni ing mastakanipun.
4 (21-5) Panjenenganipun nyuwun gesang
dhumateng Paduka; lajeng Paduka
paringi,
ugi sampun Paduka paringi yuswa panjang
ing salajengipun saha ing salaminipun.
5 (21-6) Kaluhuranipun linangkung margi
saking kaunggulan peparing Paduka,
punapa dene Paduka paringi kaunggulan
kaliyan kamulyan.

6 (21-7) Panjenenganipun Paduka dadosaken berkah ing salaminipun;
Paduka kebaki ing kabingahan wonten ing ngarsa Paduka.
7 (21-8) Amargi Sang Prabu kumandel dhumateng Sang Yehuwah,
saha margi saking sih-kadarmanipun Ingkang Mahaluhur panjenenganipun boten keguh.
8 (21-9) Asta Paduka badhe namani sakathahipun mengsah Paduka,
ingkang sengit dhumateng Paduka sami badhe ketaman ing asta Paduka ingkang tengen
9 (21-10) sami badhe Paduka dadosaken kadosdene pawon murub,
samangsa Paduka ngatingal, dhuh Yehuwah.
Bebendunipun Yehuwah badhe nguntal tiyang wau sedaya,
sarta sami badhe kamangsa ing latu.
10 (21-11) Turunipun badhe Paduka sirnakaken saking bumi,
tuwin tedhak turunipun saking antawisipun para anaking manungsa.
11 (21-12) Manawi badhe damel cilaka panjenengan dalem,
sarta nganam-anam piawon, sami tanpa daya.
12 (21-13) Malah badhe Paduka damel sami lumajeng sadaya,
sendhenging gandhewa Paduka, Paduka arahaken dhateng rainipun.

13 (21-14) Dhuh Yehuwah, mugi karsaa
jumeneng kanthi pangwaos Paduka!
Kawula lajeng sami ngidung saha
ngrepekaken masmur
tumuju dhateng ing kasantosan Paduka.

MASMUR 22

Dhuh Allah kawula, punapaa dene kawula Paduka tegakaken?

22:1-31 (22:1-32)

22 1 Kanggo lurah pasindhen. Manut lagu:
Menjangan wadon ing wayah bangbang
wetan. Masmur anggitane Prabu Dawud.
(22-2) Dhuh Allah kawula, Allah kawula,
punapaa dene kawula Paduka
tegakaken?
Kawula munjuk kalayan sora, nanging
Paduka tetep tebih saha boten mitulungi
kawula.
2 (22-3) Dhuh Allah kawula, ing wanci siyang
kawula sesambat,
nanging Paduka boten paring wangsulan,
ing wanci dalu makaten ugi, nanging
kawula inggih boten tentrem.
3 (22-4) Mangka Paduka punika Ingkang
Mahasuci ingkang lenggah
ing dhamparing kidung-
pangalembananipun Israel.
4 (22-5) Para leluhur kawula sami kumandel
dhumateng Paduka;

sami kumandel dhumateng Paduka,
nunten Paduka luwari;
5 (22-6) Paduka ingkang dipun sebut, lajeng
Paduka entasaken;
sami pitados dhumateng Paduka, lan sami
boten kawirangan.
6 (22-7) Nanging kawula punika cacing,
sanes manungsa,
dados cacadaning tiyang, cinampahan ing
tiyang kathah.
7 (22-8) Tiyang ingkang nyawang dhateng
kawula sami moyoki sadaya,
kalawan ngencepi tuwin gedheg-gedheg,
tembungipun makaten:
8 (22-9) “Wong sumendhe marang Sang
Yehuwah, cikben dientasake ing
Panjenengane,
cikben Panjenengane kang ngluwari! Wong
iku rak dadi renaning panggalihe ta?”
9 (22-10) Inggih, saestu Paduka ingkang
nglairaken kawula saking guwa garba;
Paduka ingkang murugaken kawula
tentrem wonten ing dhadhanipun biyung
kawula.
10 (22-11) Wiwit lair mila kawula kasaosaken
dhumateng Paduka,
wiwit nalika kawula wonten ing
kandhutaning biyung kawula,
Paduka dados Allah kawula.
11 (22-12) Mugi-mugi Paduka sampun
ngantos nebihi kawula,
amargi kasisahan sampun celak,
mangka boten wonten ingkang mitulungi.

12 (22-13) Lembu-lembu jaler kathah
ingkang sami ngrubung kawula;
kawula kinepang ing lembu-lembu jaler
saking Basan;
13 (22-14) anggenipun sami ngangapaken
cangkemipun dhateng kawula
prasasat singa ingkang nubruk lan nggero.
14 (22-15) Kawula ingesokaken kados toya,
sakathahing balung kawula sami pisah
saking ros-rosanipun;
manah kawula kados lilin,
leleh wonten ing batos kawula;
15 (22-16) kakiyatan kawula garing kados
beling,
ilat kawula kraket ing cethak kawula,
sarta Paduka ingkang nyelehaken kawula
wonten ing lebuning pejah.
16 (22-17) Amargi kawula karubung ing
segawon,
grombolaning durjana ngepang kawula,
sami nyuduki tangan saha suku kawula.
17 (22-18) Balung-balung kawula saged
kawula etang sadaya;
tiyang-tiyang sami ningali, sami nyawang
kawula.
18 (22-19) Sandhangan kawula sami dipun
dumdum,
saha jubah kawula dipun gebag ing
dhadhu.
19 (22-20) Nanging Paduka, dhuh Yehuwah,
mugi Paduka sampun nebih saking
kawula;

dhuh karosan kawula, mugi enggal karsaa
mitulungi kawula!
20 (22-21) Kawula mugi Paduka uwalaken
saking pedhang,
saha nyawa kawula saking cengkeremaning
segawon.
21 (22-22) Mugi ngluwari kawula saking
cangkeming singa,
tuwin saking singating bantheng.
Paduka sampun paring wangsulan
dhumateng kawula!
22 (22-23) Kawula badhe martosaken asma
Paduka dhateng para sadherek kawula,
Paduka badhe kawula puji wonten ing
tengahipun pasamuwan:
23 (22-24) he para wong kang ngabekti
marang Sang Yehuwah,
padha nyaosna puji marang Panjenengane,
he sakehing turune Yakub, padha nyaosna
urmat marang Panjenengane;
he sakehing turune Israel, padha duwea wedi
asih marang Panjenengane.
24 (22-25) Amarga Panjenengane ora mastani
asor lan ora jijik
marang kanisthane wong kang katindhes,
sarta ora ngaling-alingi wedanane,
lan miyarsakake nalikane wong mau
sesambat nyuwun tulung marang
Panjenengane.
25 (22-26) Margi saking Paduka kawula
memuji-muji wonten ing pasamuwan
ingkang ageng;

nadar kawula badhe kawula luwari wonten ing ngajengipun para tiyang ingkang sami ngabekti dhumateng Paduka.
26 (22-27) Wong andhap asor bakal padha mangan nganti wareg,
wong kang ngupaya Sang Yehuwah bakal ngalembana Panjenengane;
atimu cikben urip ing salawase!
27 (22-28) Poncot-poncoting bumi bakal eling marang iku
lan banjur mratobat marang Sang Yehuwah;
Para bangsa turun-tumurun badhe sami sujud nyembah wonten ing ngarsa Paduka.
28 (22-29) Amarga Sang Yehuwah kang kagungan karaton,
Panjenengane kang ngereh bangsa-bangsa.
29 (22-30) Wong gumedhe ing bumi bakal padha sujud nyembah kabeh marang Panjenengane,
para wong kang tumurun ing lebu lan ora bisa nyambung uripe bakal padha jengkeng ana ing ngarsane.
30 (22-31) Para tedhak-turune padha ngabekti marang Panjenengane,
sarta martakake bab Sang Yehuwah marang para turune.
31 (22-32) Iku kabeh bakal padha martakake kaadilane
marang bangsa kang mengko bakal lair,

marga iku wus katindakake dening
Panjenengane.

MASMUR 23

Gusti Allah iku pangen kang utama

23:1-6

23 1 Masmur anggitane Prabu Dawud.
Sang Yehuwah iku pangenku, aku ora
kekurangan apa-apa.
2 Aku diplegungake ana ing pangonan kang
akeh sukete,
aku digiring menyang ing banyu ing
panggonan kang tentrem;
3 nyawaku diayemake,
sarta dituntun ing dalaning kabeneran
marga saka asmane.
4 Malah sanadyan lumaku ana ing jurang
palimenganing pati,
aku ora wedi marang bilai,
margi Paduka ingkang nganthi kawula;
teken Paduka saha lantaran Paduka punika
sami nglipur kawula.
5 Paduka nata pasegahan kangge kawula,
wonten ing ngajengipun satru kawula;
sirah kawula Paduka jebadi kaliyan lisah,
tuwung kawula kebak mancep-mancep.
6 Amargi namung kabegjan lan kadarman
thok ingkang badhe ngirid lampah
kawula,
salaminipun gesang,

saha kawula badhe manggen wonten ing
padalemaning Sang Yehuwah ing
salaminipun.

MASMUR 24

Rawuhe Ratuning Kamulyan ing Padalemaning Allah

24:1-10

24 1 Masmur anggitane Prabu Dawud.
Bumi dalah saisine kabeh kagungane
Sang Yehuwah,
mangkono uga jagad lan kang padha
ngenggoni.
2 Awit Panjenengane kang nitahake kalawan
ditalesi segara
ditetepake tumumpang ing kali-kali.
3 “Sapa kang kepareng munggah ing gunung
Sang Yehuwah?
Sapa kang kepareng ngadeg ana ing
padalemane kang suci?”
4 “Wong kang resik tangane lan suci atine,
kang ora masrahake nyawane marang
kaculikan,
lan ora nglairake sumpah goroh.
5 Iku bakal kaparingan berkah dening Sang
Yehuwah,
sarta kaadilan dening Allah kang njalari
karahayone.
6 Iku bangsane wong kang padha takon ing
bab Penjenengane,

ingkang sami ngupadosi wedana Paduka,
dhuh Allahipun Rama Yakub.” (Selah)
7 He gapura, padha dhuwurna pucakmu.
He lawang langgeng, padha kangkata,
supaya Sang Ratuning Kamulyan tindak
lumebet!
8 “Sang Ratuning Kamulyan iku sapa?”
“Iku Sang Yehuwah kang kwaos lan
prakosa,
Sang Yehuwah prakosa ing prang!”
9 He gapura, padha dhuwurna pucakmu,
he lawang kawak padha kangkata,
supaya Sang Ratuning Kamulyan tindak
lumebet!”
10 “Sang Ratuning Kamulyan iku sapa?”
“Iku Sang Yehuwah, Gustine balatantra,
Iku Sang Ratuning Kamulyan.” (Selah)

MASMUR 25

Donga nyuwun pangapura lan pangayoman

25:1-22

25 1 Anggitane Prabu Dawud.
Dhuh Yehuwah, nyawa kawula kawula
angkat dhumateng ing ngarsa Paduka.
2 Dhuh Allah kawula, kawula pitados
dhumateng Paduka,
mugi kawula sampun ngantos nandhang
wirang;
mengsah kawula sampun ngantos sami
bingah-bingah margi saking kawula.

3 Sayektos, tiyang ingkang ngantos-antos
dhumateng Paduka punika, mesthi
boten kawirangan;
nanging tiyang ingkang nglampahi cidra
tanpa sabab punika manggih wirang.
4 Dhuh Yehuwah, kawula mugi Paduka paringi
sumerep bab margi Paduka,
sarta karsaa nedahaken radinan Paduka.
5 Lampah kawula mugi Paduka tuntun wonten
ing kaleresan Paduka, lan kawula mugi
Paduka wulang,
amargi Paduka punika Allah ingkang paring
karahayon dhumateng kawula;
Paduka ingkang kawula antos-antos
sadinten muput.
6 Dhuh Yehuwah, Paduka mugi enget dhateng
ing sih-palimirma sarta kadarman
Paduka,
awit punika sadaya sampun wonten wiwit
ing jaman purwa mila.
7 Paduka mugi sampun ngengeti dhateng
dosa kawula nalika taksih nem
tuwin dhateng duraka kawula,
nanging mugi Paduka karsaa enget
dhumateng kawula manut sih-kadarman
Paduka,
margi saking kamirahan Paduka, dhuh
Yehuwah.
8 Sang Yehuwah iku becik lan adil,
mulane wong kang kesasar padha ditedahi
dalan.
9 Wong kang lembah manah padha dituntun
lakune ana ing kabeneran,

wong kang lembah manah padha ditedahi
margine.
10 Kabeh margining Yehuwah iku katresnan,
kasetyan lan kabeneran
tumrap wong kang padha netepi prajanjian
lan pepengete.
11 Margi saking asma Paduka, dhuh Yehuwah,
mugi karsaa ngapunten kalepatan kawula,
awit punika ageng.
12 Sapa kang wedi marang Sang Yehuwah?
Iku mesthi ditedahi dalan kang kudu
kapilih.
13 Wong iku dhewe bakal tetep ana ing
kabegjan,
sarta turune bakal oleh warisan bumi.
14 Pasrawungane Sang Yehuwah kang celak
iku karo wong kang padha wedi marang
Panjenengane,
sarta iku padha diparingi sumurup bab
prajanjiane.
15 Mripatku tansah tumenga marang Sang
Yehuwah,
amarga Panjenengane bakal nguwalake
sikilku saka ing kalajiret.
16 Paduka mugi karsaa mirsani lan melasi
kawula,
awit kawula kepencil tuwin kesrakat.
17 Paduka mugi karsaa nglonggaraken manah
kawula ingkang karupekan punika,
mugi karsaa ngluwari kawula saking
karibedan kawula!
18 Paduka mugi karsaa mirsani kasangsaran
saha kangelan kawula,

saha sakathahing dosa kawula mugi kaapuntena.
19 Paduka mugi karsaa mirsani mengsah kawula, dene kathah sanget,
sarta anggenipun sengit sanget dhateng kawula.
20 Nyawa kawula mugi Paduka reksa saha mugi karsaa ngluwari kawula,
sampun ngantos kawula manggih kawirangan, awit kawula ngayom dhumateng Paduka.
21 Kawula mugi kairingna ing katulusan saha kajujuran,
awit Paduka ingkang kawula antos-antos.
22 Dhuh Allah, Paduka mugi karsaa ngluwari Israel saking sakathahing karibedanipun.

MASMUR 26

Pandonga nyuwun kaleresake dening Sang Yehuwah

26:1-12

26 1 Anggitane Prabu Dawud.
Dhuh Yehuwah, Paduka mugi paring kaadilan dhumateng kawula,
amargi lampah kawula kanthi lampah resik,
kawula pitados dhumateng Sang Yehuwah kalayan boten mangu-mangu.
2 Dhuh Yehuwah, Paduka mugi karsaa ndadar lan neter kawula;

batos kawula saha manah kawula mugi
Paduka titi-priksa.
3 Amargi katresnan saha kasetyan Paduka
ingkang kawula pandeng,
sarta lampah kawula wonten ing kaleresan
Paduka.
4 Kawula boten linggih nunggil kaliyan juru
apus
saha boten sesrawungan kaliyan tiyang
lamis;
5 kula sengit dhateng pakempalanipun tiyang
awon,
lan ugi boten linggih nunggil kaliyan tiyang
duraka.
6 Kawula ngwisuhi tangan kawula tandha
bilih boten kalepatan,
saha kawula lajeng ngubengi misbyah
Paduka, dhuh Yehuwah,
7 kanthi ngrepekakaen kidung panuwun
kalayan swara sora,
saha martosaken sakathahing kaelokan
Paduka.
8 Dhuh Yehuwah, kawula tresna dhateng
papan padaleman Paduka
kaliyan dhateng papan kamulyan Paduka.
9 Paduka mugi sampun ngukud nyawa kawula
sareng kaliyan tiyang dosa,
punapa dene gesang kawula sampun
ngantos sareng kaliyan tiyang ingkang
ngwutahaken rah,
10 ingkang tanganipun nggegem pendamel
awon,
tanganipun tengen kebak reruba.

11 Naning gesang kawula kanthi manah resik;
kawula mugi linuwarna saha mugi Paduka welasi.
12 Sikilku ngambah tanah kang rata;
aku bakal ngalembana marang Sang Yehuwah ana ing pasamuwan.

MASMUR 27

Ayem ana ing pangayomaning Allah

27:1-14

27 1 Anggitane Prabu Dawud.
Sang Yehuwah kang dadi pepadhangku lan pamartaku,
sapa kang dakwedeni?
Sang Yehuwah kang dadi bebetenging uripku,
sapa kang marakake aku gumeter?
2 Nalika para durjana padha nempuh marang aku
arep mangan dagingku,
yaiku sakehing satruku lan mungsuhku
banjur padha kajengklok lan tiba.
3 Sanadyan akeh bala kang padha ngedegake tarub ngepung aku,
atiku ora giris,
sanadyan tuwuh peperangan,
atiku tetep pracaya.
4 Saprakara kang wus daksuwun marang Sang Yehuwah,
yaiku kang dakpengini

muga bisa manggon ana ing padalemane
Sang Yehuwah ing salawase urip,
nyawang kadarmane Sang Yehuwah
sarta ngrasakake nikmate ana ing
pasucene.
5 Sabab Pangeran ngayomi aku ana ing
pasanggrahane,
manawa ana bebaya;
ngaling-alingi aku ana ing papan kang
ndhelik ing sajroning tarube.
Panjenengane mrenahake aku ana ing
sadhuwuring parang.
6 Saiki sirahku jejeg,
ngungkuli musuh kang ngepung aku;
ana ing tarube aku bakal nyaosake kurban
panuwun kanthi surak-surak;
aku arep ngidung lan ngrepekakake masmur
kagem Sang Yehuwah.
7 Dhuh Yehuwah, mugi karsaa miyarsakaken
pasambat kawula ingkang kawula
unjukaken,
mugi Paduka karsaa melasi kawula saha
kawula mugi kaparingana wangsulan!
8 Manah kawula ndherek dhumateng
pangandika Paduka: “Sira ngupayaa
wedananingSun.”
Wedana Paduka inggih lajeng kawula
upadosi, dhuh Yehuwah.
9 Paduka mugi sampun nutupi wedana
Paduka dhateng kawula,
Paduka sampun nampik abdi Paduka
klayan bebendu;
Paduka punika pitulungan kawula,

kawula mugi sampun Paduka tampik
saha Paduka tilar,
dhuh Allah, Juruwilujeng kawula!
10 Sanadyan bapa-biyung kawula nilar
kawula,
nanging Sang Yehuwah ingkang mupu
kawula.
11 Dhuh Yehuwah, kawula mugi Paduka
paringi pitedah bab Paduka,
sarta lampah kawula katuntuna wonten
ing margi ingkang wradin
margi saking wontenipun mengsah kawula.
12 Kawula sampun Paduka ulungaken dhateng
hawa nepsunipun satru kawula,
awit sampun wonten seksi-seksi dora
ingkang sami nglawan kawula,
kaliyan tiyang-tiyang ingkang kadunungan
dereng badhe niksa.
13 Sanyata aku ngandel yen bakal nyumurupi
kabecikaning Yehuwah
ana ing bumining wong urip!
14 Padha nganti-antia marang Sang Yehuwah!
Padha dipanggah lan ditatag atimu!
Padha nganti-antia marang Sang Yehuwah!

MASMUR 28

Sang Yehuwah iku tetamengku

28:1-9

28 1 Anggitane Prabu Dawud.
Dhuh Yehuwah peparang kawula,
kawula sesambat dhumateng Paduka,

mugi sampun ngendelaken kawula,
sabab manawi Paduka ngendelaken kawula,
kawula lajeng kadosdene tiyang ingkang
mandhap dhateng kubur.
2 Paduka mugi karsaa miyarsakaken
swantening panyuwun kawula,
manawi kawula sesambat dhumateng
Paduka nyuwun tulung,
tuwin njunjung tangan kawula
ngener dhateng padaleman Paduka
ingkang mahasuci.
3 Kawula sampun ngantos Paduka sered
sesarengan kaliyan tiyang duraka,
utawi ingkang nglampahi awon,
ingkang tangkepipun sae dhateng
sesaminipun,
nanging manahipun kebak piawon.
4 Punika mugi sami Paduka wales satimbang
kaliyan pandamelipun,
saha manut pratingkahipun ingkang awon;
mugi Paduka ganjar laras kaliyan pakartining
tanganipun
sarta kadhawahana piwales punapa
ingkang katindakaken punika.
5 Amarga padha ora nggatekakake marang
pakaryaning Yehuwah,
sarta apa kang katindakake dening astane,
mulane bakal padha katibakake
lan ora ditangekakake maneh.
6 Pinujia Sang Yehuwah, awit wus
miyarsakake
swaraning pasambatku.

7 Sang Yehuwah iku kakuwatanku lan
tetamengku,
atiku kumandel marang Panjenengane.
Aku wus kapitulungan, mulane atiku
bungah-bungah,
sarta aku ngunjukake panuwun
marang Panjenengane kalawan
kekidungan.
8 Sang Yehuwah iku dadi kasantosaning
umate,
Panjenengane dadi beteng karahayon
tumrap wong kang dijebadi!
9 Paduka mugi karsaa ngluwari umat Paduka,
tuwin karsaa mberkahi kagungan Paduka
piyambak,
mugi Paduka angen sarta Paduka panggul
ing salami-laminipun.

MASMUR 29

Kamulyane Gusti Allah ana ing prahara

29:1-11

29 1 Anggitane Prabu Dawud.
He para kang manggon ing swarga,
pratelakna manawa Sang Yehuwah,
ya mung Sang Yehuwah iku kang kagungan
kamulyan lan kakiyatan!
2 Sang Yehuwah kasaosana kaluhuraning
asmane,
padha sujuda marang Sang Yehuwah
kanthi rinengga ing kasucen!

3 Swantene Sang Yehuwah ana ing
sadhuwuring banyu,
Gusti Allah kang mulya gumludhug,
Sang Yehuwah ing sadhuwuring banyu
gedhe.
4 Swantene Sang Yehuwah kebak kakuwatan,
swantene Sang Yehuwah kebak kamulyan.
5 Swantene Sang Yehuwah nugelake wit eres,
malah wit eres ing Libanon padha
dirubuhake dening Sang Yehuwah.
6 Panjenengane andadosake gunung Libanon
mlumpat-mlumpat kaya pedhet,
lan gunung Siryon kaya pedheting
bantheng.
7 Swantene Sang Yehuwah nyemburake geni
mulad-mulad.
8 Swantene Sang Yehuwah ngoregake
pasamunan,
Sang Yehuwah ngoregake ara-ara samun
Kadesy.
9 Swantene Sang Yehuwah njalari menjangan
meteng padha manak,
malah njalari alas-alas padha gundhul,
sarta kang ana ing padalemane padha
nguwuh: “Linuhurna!”
10 Sang Yehuwah lenggah ing sadhuwuring
banjir,
Sang Yehuwah jumeneng Raja ing
salawas-lawase.
11 Sang Yehuwah muga karsaa paring
kakuwatan marang umate,
Sang Yehuwah muga karsaa mberkahi
umate kalawan tentrem rahayu.

MASMUR 30

Kidung pamuji sokur marga uwal saka ing bebaya

30:1-12 (30:1-13)

30 [1] Masmur. Kidung kanggo nucekake Padaleman Suci. Anggitane Prabu Dawud.
(30-2) Dhuh Yehuwah, Paduka badhe kawula luhuraken,
amargi Paduka sampun ngentas kawula,
saha boten marengaken manawi mengsah kawula sami bingah margi saking kawula.
2 (30-3) Dhuh Yehuwah, Allah kawula, kawula sesambat nyuwun tulung dhumateng Paduka,
lajeng Paduka sarasaken.
3 (30-4) Dhuh Yehuwah, Paduka sampun ngentas nyawa kawula saking ing teleng palimengan,
Paduka nggesangaken kawula
wonten ing antawisipun tiyang-tiyang ingkang sampun lumebet ing kubur.
4 (30-5) Padha ngidungna masmur kagem Sang Yehuwah, he para wong kang dikasihi,
sarta padha nyaosna pamuji sokur marang asmane kang suci!
5 (30-6) Amarga bebendune mung sadhela,

nanging kamirahane tetep ing salawase
urip;
ing wayah bengi ana panangis,
ing wayah ngarepake esuk keprungu
surak-surak.
6 (30-7) Ing salebeting kabingahan kawula,
osiking manah kawula:
“Aku ora bakal gloyoran salawase!”
7 (30-8) Dhuh Yehuwah, margi saking anggen
Paduka karenan,
kawula sampun Paduka papanaken wonten
ing sanginggiling redi ingkang santosa;
nanging sareng Paduka nutupi wadana
Paduka, kawula kaget.
8 (30-9) Kawula munjuk kalayan sora
dhumateng Paduka, dhuh Yehuwah,
lan kawula nyenyuwun dhumateng
Pangeran:
9 (30-10) “Punapa paedahipun manawi rah
kawula wutah,
manawi kawula mandhap dhateng ing
kubur?
Punapa lebu saged ngaturaken pamuji sokur
dhumateng Paduka
sarta martosaken kasetyan Paduka?
10 (30-11) Dhuh Yehuwah, Paduka mugi
miyarsakaken saha melasi kawula,
dhuh Yehuwah, Paduka mugi karsaa
jumeneng dados juru tetulung kawula!”
11 (30-12) Kawula ingkang sesambat Paduka
santuni dados tiyang ingkang jejogedan,
pangangge kawula bagor Paduka rucat,

kawula lajeng Paduka sabuki kaliyan
kabingahan,
12 (30-13) supados nyawa kawula
ngidungaken masmur kagem Paduka
lan sampun ngantos kendel kemawon.
Dhuh Yehuwah, Allah kawula, kawula badhe
ngidungaken pamuji sokur dhumateng
Paduka ing salaminipun.

MASMUR 31

Tentrem ana ing astaning Yehuwah

31:1-24 (31:1-25)

31 1 Kanggo lurah pasindhen. Masmur
anggitane Prabu Dawud.
(31-2) Dhuh Yehuwah, kawula ngayom
dhumateng Paduka,
kawula mugi sampun ngantos nandhang
kawirangan.
Mugi Paduka ngentas kawula amargi kaadilan
Paduka,
2 (31-3) Paduka mugi nilingna dhateng
kawula,
karsaa enggal paring wangsulan!
Paduka mugi karsaa dados redi sela papan
pangayoman kawula,
beteng santosa ingkang mitulungi kawula!
3 (31-4) Awit Paduka punika redi sela tuwin
beteng kawula,
kawula badhe Paduka irid saha Paduka
tuntun margi saking asma Paduka.

4 (31-5) Paduka badhe ngluwari kawula saking kala,
ingkang kapasang dening tiyang kangge kawula,
amargi Paduka ingkang dados pangauban kawula.
5 (31-6) Nyawa kawula, kawula pasrahaken wonten ing asta Paduka;
dhuh Yehuwah, Allah ingkang setya tuhu, Paduka ingkang ngluwari kawula.
6 (31-7) Paduka sengit dhateng tiyang ingkang memuja dhateng brahala ingkang tanpa gina,
nanging kawula pitados dhumateng Sang Yehuwah.
7 (31-8) Kawula badhe asurak-surak sukarena margi sih-kadarman Paduka,
awit Paduka mirsani kasrakatan kawula saha nupiksani karupekaning nyawa kawula,
8 (31-9) saha kawula boten Paduka ulungaken dhateng ing tanganing mengsah,
nanging Paduka kekahaken lampahing suku kawula wonten ing omberan.
9 (31-10) Dhuh Yehuwah, mugi kawula Paduka welasi, awit kawula rumaos rupek;
mripat, nyawa tuwin badan kawula nglemprek saking prihatos.
10 (31-11) Amargi gesang kawula katedha ing kasisahan

saha tauning umur kawula sami telas
dening pangesah;
kekiyatan kawula mundur margi saking
kasangsaran kawula,
sarta balung kawula sami gopok.
11 (31-12) Kawula dados cecampahaning
mengsah kawula,
lan njalari girisipun para tangga tepalih
kawula,
punapa dene damel kagetipun para
pitepangan kawula;
tiyang ingkang sami sumerep kawula
wonten ing margi, lajeng sami lumajeng.
12 (31-13) Kawula sampun ical saking
pengetan kadosdene tiyang pejah,
kawontenan kawula kados barang ingkang
sampun pecah.
13 (31-14) Amargi kawula mireng tiyang
kathah sami bisik-bisik,
-- kawula kinepang ing pagiris --
sami sekuthon badhe nglawan dhateng
kawula,
ngangkah dhateng nyawa kawula.
14 (31-15) Nanging kawula kumandel
dhumateng Paduka, dhuh Yehuwah,
kawula matur: “Paduka punika Allah
kawula!”
15 (31-16) Gesang kawula punika wonten ing
asta Paduka,
Paduka mugi karsaa nguwalaken kawula
saking tanganipun para satru kawula
saha tiyang ingkang sami ngoyak-oyak
kawula!

16 (31-17) Wadana Paduka mugi madhangna abdi Paduka,
kaluwarana margi saking sih-kadarman Paduka!
17 (31-18) Dhuh Yehuwah, kawula mugi sampun ngantos Paduka tegakaken
ing salebetipun nandhang kawirangan,
amargi kawula nyebut dhumateng Paduka;
tiyang duraka punika kajengipun sami nandhang kawirangan
mandhapa dhateng teleng palimengan klayan kendel.
18 (31-19) Sakathahing lambe cidra kajengipun dados bisu,
ingkang nyendhu dhateng tiyang burus
kalayan kumethak lan nyenyampahi!
19 (31-20) Iba lubering kautamen Paduka
ingkang kacawisaken dhateng tiyang ingkang ngabekti dhumateng Paduka,
ingkang sampun Paduka tandukaken dhateng tiyang ingkang sami ngayom dhateng ing Paduka,
wonten ing ngajengipun manungsa!
20 (31-21) Punika sami Paduka singidaken wonten ing pangayomaning wadana Paduka,
margi saking wontenipun sekuthoning tiyang;
sami Paduka ayomi wonten ing pamondhokan
supados lepat saking padudonipun ilat kathah.
21 (31-22) Pinujia Sang Yehuwah, awitdene sih-kadarmane

dikatingalake marang aku kanthi patrap
kang nggumunake
nalika aku ketaman ing karupekan!
22 (31-23) Amargi saking bingung kawula,
kawula nginten:
“Kawula sampun kabucal saking paningal
Paduka.”
Ewasamanten nalika kawula sesambat
dhumateng Paduka,
Paduka lajeng nyembadani dhateng
pasambat kawula.
23 (31-24) He sakehe para kekasihing
Pangeran, padha tresnaa marang Sang
Yehuwah!
Sang Yehuwah ngreksa para wong kang
setya,
nanging kang gumunggung
diwales temenan.
24 (31-25) Sakehing wong kang ngarep-arep
marang Sang Yehuwah,
padha disantosa lan diteteg atimu!

MASMUR 32

Bab karahayone wong kang kaapura dosane

32:1-11

32 1 Anggitane Prabu Dawud. Kidung
piwulang.
Rahayu wong kang kaapura panerake,
kang dosane kaaling-alingan!
2 Rahayu wong

kang durakane ora kaetang dening
Yehuwah,
sarta kang atine ora kadunungan cidra!
3 Sadangunipun kawula kendel, balung
kawula sami dados gapuk
ing salebeting panggluruh kawula sadinten
muput;
4 amargi rinten dalu asta Paduka awrat
pametekipun dhateng kawula
sungsum kawula ngantos garing,
kadosdene ngeraking mangsa benter.
(Selah)
5 Dosa kawula, kawula lairaken dhumateng
Paduka,
kalepatan kawula boten kawula
aling-alingi;
tembung kawula: "Dakngakoni panerakku
ana ing ngarsane Sang Yehuwah,"
Paduka nunten ngapunten kalepatan
kawula margi saking dosa kawula.
(Selah)
6 Milanipun sakathahing tiyang mursid sami
ndedonga dhumateng Paduka,
mumpung taksih saged pinanggih;
sanadyan wontena bena ageng,
boten kebenan.
7 Paduka ingkang dados pasingidan kawula,
Paduka nebihaken kawula saking
karibedan,
Paduka ngemuli kawula, temah kawula
luwar sarta asurak-surak. (Selah)
8 Aku arep mulang marang kowe,
dakweruhake dalan kang wajib kokambah;

aku arep mituturi kowe, mripatku tumuju marang kowe.
9 Aja kaya jaran utawa bihal kang ora duwe budi,
prelu dienggoni apus lan kendhali, manawa ora, ora bakal nyedhaki kowe.
10 Wong duraka nandhang perih akeh,
nanging kang kumandel marang Sang Yehuwah
iku mesthi kinubengan ing sih-rahmat.
11 He para wong mursid, padha bungaha lan giyak-giyaka ana ing Pangeran Yehuwah.
He para wong kang mulus ing ati, padha surak-suraka!

MASMUR 33

Kidung pangalembana marang Allahe Israel

33:1-22

33 1 He para wong mursid, padha asurak-suraka ana ing Sang Yehuwah!
Awit wus samesthine, manawa wong tulus atine padha memuji.
2 Padha saosa puji sokur marang Sang Yehuwah kalawan clempung,
kidungna masmur kalawan slukat akawat sepuluh.
3 Kidungna kekidungan anyar;
diprigel panabuhmu kanthi swara kang rame!

4 Sebab pangandikane Sang Yehuwah iku
nyata,
samubarang kabeh katindakake kalawan
setya tuhu.
5 Panjenengane karenan marang kang bener
lan adil;
bumi kebak ing sih-kamurahaning
Yehuwah.
6 Sakehing langit padha katitahake dening
sabdane Pangeran Yehuwah,
sakehing balane dening napasing lesane.
7 Banyuning segara dikumpulake kaya
bebendungan,
samodra gedhe dilebokake ing wadhah.
8 Salumahing bumi cikben padha wedi
marang Sang Yehuwah,
wong saisining jagad cikben padha
gumeter ana ing ngarsane!
9 Amarga Panjenengane ngandika, kabeh
banjur dadi;
Panjenengane dhawuh, kabeh banjur ana.
10 Sang Yehuwah nggagalake rancangane
para bangsa;
murungake rancangane para suku bangsa;
11 nanging karsane Sang Yehuwah iku tetep
ing salawase,
tuwin ciptaning galih iku turun-tumurun.
12 Rahayu bangsa kang nganggep Sang
Yehuwah dadi Allahe,
sarta suku bangsa kang kapilih iku dadi
kagungane!
13 Pangeran Yehuwah maspaosake saka ing
swarga,

lan mirsani sakehing anake manungsa;
14 saka ing padalemane nguningani
sakehing isine bumi.
15 Kabeh padha diwangun atine,
sarta digatosake apa sapanggawene.
16 Kaslametaning raja iku ora jalaran saka
gedhening pangwasane;
pahlawan iku ora bakal kapitulungan
marga saka gedhening kakuwatane.
17 Jaran iku tangeh yen marakake unggul,
lan karosane kang ngedab-edabi ora
njalari bisa oncat.
18 Lan paningale Sang Yehuwah nguningani
wong kang padha wedi marang
Panjenengane,
sarta nganti-anti marang sih-kadarmane,
19 supaya nyawane kauwalake saka ing pati,
sarta padha diuripi ing mangsa paceklik.
20 Nyawa kita nganti-anti marang Sang
Yehuwah.
Panjenengane iku pitulungan lan tetameng
kita.
21 Sanyata ati kita bungah marga saka
Panjenengane,
awit kita pracaya marang asmane kang
suci.
22 Dhuh Yehuwah, sih-kadarman Paduka
lumuntura dhateng kawula sadaya,
kadosdene pangantos-antos kawula
sadaya dhumateng Paduka.

MASMUR 34

Ana ing pangayomane Pangeran Yehuwah

34:1-22 (34:1-23)

34 [1] Anggitane Sang Prabu Dawud, nalika mindha-mindha wong kang owah pikirane ana ing ngarsane Prabu Abimelekh, temah ditundhung, banjur angles.

(34-2) Pangeran Yehuwah arep dakpuji ing salawase;
pepujian marang Panjenengane tetep ana ing cangkemku.
[2] (34-3) Marga saka Sang Yehuwah nyawaku rumangsa mulya;
wong kang lembah manah cikben padha krungu lan padha bungah.
[3] (34-4) Payo padha ngluhurake Sang Yehuwah bareng karo aku,
payo padha bebarengan nyuwurake asmane!
[4] (34-5) Aku wus ngupaya Pangeran Yehuwah, banjur diparingi wangsulan,
sarta diluwari saka sabarang kang marakake girisku.
[5] (34-6) Padha mandenga marang Pangeran Yehuwah,
ulatmu mesthi bakal padha dibingarake,
sarta mesthi ora bakal padha kawirangan.
[6] (34-7) Wong kang katindhes iki asesambat, nuli dipiyarsakake dening Sang Yehuwah;

sarta diluwari saka ing sakehe rerubede.
7 (34-8) Malaekate Pangeran Yehuwah ngamping-ampingi wong kang ngabekti marang Panjenengane,
sarta padha kaluwaran.
8 (34-9) Mara padha ngrasakna lan nyawanga sapira gedhene kasaenane Pangeran Yehuwah iku!
Rahayu wong kang ngungsi marang Panjenengane!
9 (34-10) He para kagungane Pangeran kang suci, padha wedi-asiha marang Sang Yehuwah,
wong kang wedi-asih marang Pangeran Yehuwah padha ora kekurangan apa-apa.
10 (34-11) Singa anom padha nandhang papa lan keluwen,
nanging wong kang ngupaya Sang Yehuwah padha ora kekurangan sabarang kang becik.
11 (34-12) He para bocah, padha ngrungokna pituturku,
kowe padha dakwulang wedi-asih marang Pangeran Yehuwah.
12 (34-13) Sapa kang seneng urip,
kang kepengin umur dawa supaya bisa ngrasakake kang becik?
13 (34-14) Ilatmu pekaken aja nganti medharake tembung ala
sarta lambemu aja ngucapake kang cidra;
14 (34-15) ngedohana piala, nglakonana kang becik,

ngudia marang karukunan lan arahen
nganti kacekel!
15 (34-16) Tingale Sang Yehuwah mirsani
wong mursid,
sarta talingane midhangetake ing
pasambate;
16 (34-17) wedanane Pangeran Yehuwah
nglawan para wong kang gawe piala,
supaya pangenget-enget tumrap wong-
wong mau kasirnakake saka ing
bumi.
17 (34-18) Manawa para wong mursid
sesambat marang Pangeran Yehuwah,
banjur dipiyarsakake,
sarta padha diluwari saka ing sakehing
rerubede.
18 (34-19) Pangeran Yehuwah ana ing
sacedhake para wong kang rempu atine,
sarta para wong kang pepes budine padha
dipitulungi.
19 (34-20) Wong mursid iku akeh rerubede,
nanging diluwari dening Sang Yehuwah
saka sakehe iku kabeh,
20 (34-21) Panjenengane ngreksa balung-
balunge,
nganti ora ana kang tugel siji-sijia.
21 (34-22) Wong duraka bakal dipateni
dening kasangsaran,
sarta sing sapa sengit marang wong
mursid, mesthi oleh paukuman.
22 (34-23) Pangeran Yehuwah ngluwari
nyawane para abdine,

sarta sakehing wong kang pracaya marang
Panjenengane ora bakal kaukum.

MASMUR 35

Pandonga nyuwun tulung, marga ana mungsuh

35:1-28

35 1 Anggitane Prabu Dawud.
Dhuh Yehuwah, Paduka mugi mabenana
tiyang ingkang sami mabeni kawula,
mugi merangana tiyang ingkang sami
merangi kawula.
2 Paduka mugi karsaa ngasta tameng lan
paris,
Paduka mugi karsaa jumeneng mitulungi
kawula.
3 Paduka mugi karsaa ngedalaken tumbak
kaliyan wadung-perang
kangge nglawan para tiyang ingkang sami
ngoyak kawula;
saha Paduka mugi karsaa ngendika dhateng
nyawa kawula:
"Ingsun kang mitulungi sira."
4 Tiyang ingkang sami ngangkah nyawa
kawula
mugi samia kisinan lan kawirangan,
tuwin ingkang ngangkah dhateng sangsara
kawula
mugi samia mundur lan kisinan.
5 Samia kados mrambut kabur ing angin,

samangsa sami kakentasaken dening
Malaekating Yehuwah.
6 Marginipun dadosa peteng saha lunyu,
saha sami kaoyaka dening Malaekating
Yehuwah.
7 Tanpa jalaran anggenipun masangi
kala-jiret dhateng kawula,
tanpa jalaran anggenipun ndhudhuk
luwangan kangge kawula.
8 Tiyang punika kadhatengana ing bilai
ingkang boten kanyana-nyana,
sarta kajireta ing kala ingkang kapasang
piyambak,
kajengipun dhawah temah sirna!
9 Nanging kawula badhe asurak-surak margi
saking Pangeran Yehuwah,
sarta badhe suka pari suka margi saking
paringipun pitulungan.
10 Balung kawula sadaya badhe munjuk
makaten:
"Dhuh Yehuwah, sinten ingkang kados
Paduka,
ingkang ngluwari tiyang kesrakat saking
tanganipun tiyang ingkang langkung
kiyat katimbang piyambakipun,
sarta ingkang ngluwari tiyang sangsara
saha mlarat
saking tanganipun ingkang ngrampog?"
11 Seksi ingkang remen dhateng kakerasan
sami jumedhul,
sami nggigat ing bab ingkang boten
kawula ngretosi.
12 Kasaenan kawula dipun wales piawon,

temah nyawa kawula dados pepes.
13 Ewadene menggah kawula, nalika tiyang punika sami sakit,
kawula mangangge bagor,
kawula nyiksa badan kawula kaliyan siyam,
tuwin pandonga kawula thukul malih wonten ing manah kawula,
14 kados-kados mitra kawula utawi sadherek kawula ingkang sakit,
kados makaten tangkep kawula;
kawula tansah nandhang sisah kados tiyang ingkang kapejahan biyungipun,
lampah kawula tansah tumungkul kalayan mangangge bagor.
15 Nanging sareng kawula kesandhung saha dhawah, lajeng sami bingah saha nglempak,
sami nggrombol nglawan kawula;
tiyang ingkang boten tepang kaliyan kawula,
sami nenacad kawula tanpa kendel-kendel;
16 anggenipun ngece kawula kados patrapipun tiyang dursila,
klayan nggeget-nggeget untu dhateng kawula.
17 Dhuh Pangeran, ngantos benjing punapa anggen Paduka namung mirsani kemawon?
Nyawa kawula mugi Paduka luwari saking pangrisakipun tiyang-tiyang punika,
sarta saking singa-singa enem!

18 Kawula lajeng badhe ngidungaken
panuwun dhateng Paduka wonten ing
pasamuwan agung,
Paduka badhe kawula luhuraken wonten
ing satengahing rakyat kathah.
19 Tiyang ingkang sami nyatru dhateng
kawula tanpa sabab,
punika sampun ngantos sami bingah-
bingah ing bab kawula,
tiyang-tiyang ingkang sami sengit dhumateng
kawula tanpa sabab,
sampun ngantos kedhap-kedhep mripat.
20 Ingkang dipun rembag sanes karukunan,
malah sami ngrancang pratingkah cidra
kangge nglawan tiyang ing nagari ingkang
gesangipun sami rukun.
21 Punapa malih sami broak-braok ujaripun
dhateng kawula;
tembungipun: “Sokur, sokur, mripatku wus
weruh!”
22 Dhuh Yehuwah, Paduka ingkang sampun
nguningani, mugi Paduka sampun
kendel kemawon,
dhuh Pangeran, mugi sampun ngantos
nebihi kawula!
23 Paduka mugi karsaa wungu lan karsaa
jumeneng mbelani wewenang kawula,
dhuh Allah kawula, lan Gusti kawula,
Paduka mugi karsaa ngembani prakawis
kawula.
24 Dhuh Yehuwah Allah kawula, Paduka mugi
karsaa ngadili kawula ingkang salaras
kaliyan kaadilan Paduka,

supados tiyang punika sampun ngantos
sami bingah-bingah ing bab kawula!
25 Sampun ngantos sami nggraita makaten:
“Lah kaya mangkono kuwi kang padha
dakkarepake.”
Utawi ungelipun: “Saiki dheweke wis
dakuntal!”
26 Sami nandhanga wirang saha isin
sesarengan,
tiyang ingkang sami bingah-bingah margi
saking sangsara kawula,
tiyang ingkang sami methenthengi kawula,
sami nandhanga wirang isin.
27 Tiyang ingkang sami kepengin sumerep
kawula dipun leresaken,
punika kajengipun sami asurak-surak saha
abingah-bingah!
sarta tansah sami wicantena makaten:
“Pangeran Yehuwah iku agung,
kang ngarsakake rahayune abdine!”
28 Wondene ilat kawula badhe nyariyosaken
kaadilan Paduka,
tuwin memuji Paduka ing sadinten muput.

MASMUR 36

Durakane wong dosa
lan sih-rahmate Gusti Allah

36:1-12 (36:1-13)

36 1 Kanggo lurah pasindhen. Anggitane
Prabu Dawud abdine Sang Yehuwah.

(36-2) Dosa iku celathu marang wong duraka
ana ing sajroning atine;
ing batine ora tinemu rasa wedi-asih
marang Allah,
2 (36-3) sabab wong mau mbebujuk marang
awake dhewe,
nganti wong nyumurupi kaluputane lan
sengit marang iku.
3 (36-4) Tembung kang kawetu saka
cangkeme iku isi piala lan kaculikan,
wis mari anggone tumindak wicaksana lan
nglakoni kabecikan.
4 (36-5) Ana ing paturone ngrantam-
ngrantam piala,
kang diambah dalan kang ora becik,
sarta ora nyirik piala.
5 (36-6) Dhuh Yehuwah, sih-kadarman
Paduka punika sundhul ing akasa,
saha kasetyan Paduka dumugi ing mega.
6 (36-7) Kaadilan Paduka punika kados
redi-redining Allah,
pancasan Paduka kados samodra agung
ingkang nggegirisi.
Dhuh Yehuwah Paduka ingkang mitulungi
manungsa lan kewan.
7 (36-8) Iba-iba ajining sih-kamirahan
Paduka, dhuh Allah!
Para anaking manungsa sami ngungsi
dhateng aubing swiwi Paduka.
8 (36-9) Sami katuwukan ing gajih saking
padaleman Paduka,
sarta Paduka paringi ngombe saking
lepening kasukan Paduka.

9 (36-10) Amargi tuking gesang punika
wonten ing Paduka;
anggen kawula ningali pepadhang namung
wonten ing pepadhang Paduka.
10 (36-11) Kamirahan Paduka mugi kaluberna
dhateng tiyang ingkang sami tepang
kaliyan Paduka,
sarta kaadilan Paduka dhateng ing tiyang
ingkang tulus manahipun.
11 (36-12) Kawula mugi sampun ngantos
kaicak-icak ing sukunipun tiyang
gumunggung,
utawi katundhung ing tanganipun tiyang
duraka.
12 (36-13) Lah punika para tiyang ingkang
nglampahi piawon sami dhawah;
sami kabanting ngantos boten saged tangi
malih.

MASMUR 37

Kabegjane wong duraka iku kabegjan kang ora nyata

37:1-40

37 1 Anggitane Prabu Dawud.
Aja nepsu marga saka wong kang
nglakoni piala,
aja meri marang wong kang culika;
2 amarga iku enggal bakal padha layu kaya
suket,
utawa alum kaya tetuwuhan kang ijo.

3 Kumandela marang Pangeran Yehuwah lan
nindakna kabecikan,
tetepa pamanggonmu ana ing nagara
sarta tumindaka kang setya,
4 lan bungaha marga saka Sang Yehuwah,
dadi kowe mesthi diparingi pepenginaning
atimu.
5 Uripmu pasrahna marang Pangeran
Yehuwah sarta kumandela marang
Panjenengane,
Panjenengane kang bakal tumindak.
6 Panjenengane bakal mbabarake kebeneran
mau kaya pepadhang,
sarta wewenangmu kaya raina.
7 Kowe menenga ana ing ngarsane Sang
Yehuwah lan nganti-antia marang Sang
Yehuwah,
aja nepsu marga wong kang sekolehan
uripe,
sarta marga saka wong kang nglakoni
culika.
8 Biraten nepsumu lan tinggalen panasing
atimu iku,
aja nepsu, iku mung nuntun marang
panggawe ala.
9 Amarga wong laku ala mesthi bakal
katumpes,
nanging wong kang nganti-anti marang
Sang Yehuwah
iku bakal padha oleh warisan bumi.
10 Awit wektune mung kari sathithik, wong
duraka nuli bakal sirna;

sarta tilas panggonane bae yen
kokgatekake iya wus ora ana maneh.
11 Balik wong kang andhap-asor iku bakal
padha oleh warisan bumi,
sarta bakal bungah-bungah marga
ngrasakake katentreman kang linuwih.
12 Wong duraka nganam-anam pitenah
nglawan wong mursid,
sarta nggeget-nggeget untu ana ing
ngarepe.
13 Nanging digegujeng ing Pangeran,
amarga Pangeran mirsa, yen dinane wong
iku wus cedhak.
14 Wong duraka padha ngunus pedhange
lan menthang gandhewane
arep mateni para wong kang sangsara lan
mlarat,
sarta kang jujur lakune.
15 Nanging pedhange bakal mbalik lan nuwek
awake dhewe,
gandhewane padha pinutung.
16 Sathithika kae barang darbeke wong
mursid
iku luwih becik katimbang karo
mubra-mubrune wong duraka.
17 Amarga tangane wong duraka bakal padha
ditugel,
nanging wong mursid iku dikukuhake
dening Pangeran Yehuwah.
18 Pangeran Yehuwah nupiksani dinane wong
saleh,
warisane bakal lestari ing salawase;
19 ing dina karibedan ora bakal kawirangan,

lan ing mangsa paceklik iya bakal
kawaregan.
20 Balik wong duraka mesthi bakal padha
tumpes
lan satrune Sang Yehuwah bakal padha
sirna kaya kaendahane suket ing
pangonan;
padha sirna, padha sirna kayadene kukus.
21 Wong duraka utang, nanging ora nyaur,
balik wong mursid iku ambek welasan lan
dhemen weweh.
22 Wong kang binerkahan ing Pangeran iku
padha oleh warisan bumi,
nanging kang kena ing laknate iku padha
ditumpes.
23 Jangkahe wong dikukuhake dening
Pangeran Yehuwah,
anggere lakune wong mau dadi keparenge
Pangeran;
24 samangsa tiba ora nganti gumuling,
amarga Pangeran Yehuwah nyepengi
tangane.
25 Wiwit aku isih enom nganti saiki wis tuwa,
aku durung tau nyumurupi wong mursid
kategakake,
utawa anak-putune padha luru-luru
pangan;
26 saben dina nandukake kawelasan lan
ngutangi,
sarta anak-putune padha dadi berkah.
27 Ngedohana marang piala sarta nglakonana
kabecikan,

temah pamanggonmu lestari ing salawas-lawase;
28 amarga Sang Yehuwah nresnani kaadilan,
lan ora bakal negakake marang para kang kinasihan.
Malah padha direksa ing salawase,
nanging para turune wong duraka padha ditumpes.
29 Para wong mursid padha oleh warisan bumi
lan tansah manggon ing kono.
30 Cangkeme wong mursid iku medharake kawicaksanan,
sarta ilate ngucapake kaadilan.
31 Angger-anggering Allahe ana ing batine,
lakune ora sleyoran.
32 Wong duraka ndingkik marang wong mursid
ngarah patine;
33 nanging ora diulungake dening Sang Yehuwah marang ing tangane,
Panjenengane ora bakal kendel bae samangsa dheweke diadili kaanggep duraka.
34 Padha nganti-antia marang Pangeran Yehuwah, sarta lumakua ing margine,
satemah kowe banjur kaangkat supaya oleh warisan bumi,
sarta kowe bakal padha ndeleng para wong duraka tinumpes.
35 Aku weruh sawijining wong duraka kang agung-gumunggung;
kang mekar kaya wit eres ing Libanon.

36 Nalika aku liwat, kok wus ora ana;
dakgoleki nanging ora ketemu.
37 Mara titenana mungguh wong mursid, lan
delengen wong kang temen,
awit wong kang ambek rukun iku kaanane
bakal nyenengake ing tembe burine;
38 balik wong mursal padha tinumpes
bebarengan,
sarta para wong duraka pangarep-arepe
ing tembe bakal kasirnakake.
39 Para wong mursid iku dipitulungi dening
Sang Yehuwah;
Panjenengane kang dadi pangayomane ing
mangsa karubedan;
40 bakal padha dipitulungi dening Sang
Yehuwah sarta diluwari,
padha diuwalake saka ing tangane para
wong duraka lan dislametake,
awit padha ngungsi marang ing
Panjenengane.

MASMUR 38

Pandonga ing sajrone lara

38:1-22 (38:1-23)

38 1 Masmur anggitane Prabu Dawud
nalika nyaosake kurban pengetan.
(38-2) Dhuh Yehuwah, kawula mugi sampun
ngantos kaukum salebeting bebendu
Paduka,
sarta kawula sampun ngantos karangket
ing salebeting bramantya Paduka;

2 (38-3) amargi kawula ketaman ing panah Paduka,
asta Paduka sampun ndhawahi kawula.
3 (38-4) Daging kawula boten wonten ingkang saras margi saking bebendu Paduka,
balung kawula boten wonten ingkang wilujeng margi saking dosa kawula;
4 (38-5) amargi piawon kawula sampun tumempuh dhateng ing sirah kawula
sadayanipun punika kados momotan ingkang langkung dening awrat saha kawraten tumrap kawula.
5 (38-6) Koreng kawula mambet boten eca, ngemu nanah
margi saking bodho kawula.
6 (38-7) Kawula ngantos wungkuk, ngantos mbengkeluk sanget;
sadinten muput anggen kawula lumampah sarwi mangangge bagor.
7 (38-8) Bangkekan kawula kebak tatu,
saha daging kawula boten wonten ingkang wetah;
8 (38-9) kawula nglempuruk, katelasan kakiyatan,
kawula asesambat amargi manah kawula trataban.
9 (38-10) Dhuh Pangeran, Paduka nguningani sadaya pepenginan kawula,
sarta boten kesamaran menggah pasambat kawula.
10 (38-11) Manah kawula trataban, kakiyatan kawula telas,

saha mripat kawula koncatan sunaripun.
11 (38-12) Mitra saha tetepangan kawula sami sumingkir, margi saking memala kawula,
saha sanak-sadherek kawula sami nebih.
12 (38-13) Tiyang ingkang ngarah nyawa kawula sami masang kala-jiret,
ingkang murih cilaka kawula sami ngrantam badhe ngrisak kawula,
saha saben dinten ngrancang paekan.
13 (38-14) Nanging kawula kados tiyang budheg, boten mireng,
lan kados tiyang bisu, ingkang boten mbikak cangkemipun.
14 (38-15) Malah kados tiyang ingkang boten mireng,
lan cangkemipun boten saged mabeni.
15 (38-16) Dene Paduka ingkang kawula ajeng-ajeng, dhuh Yehuwah;
Paduka ingkang badhe maringi wangsulan, dhuh Pangeran Allah kawula.
16 (38-17) Gagasan kawula makaten: "Anggeripun tiyang punika sampun ngantos bingah-bingah margi saking kawula,
sampun ngantos gumunggung manawi suku kawula gloyoran!"
17 (38-18) Awit kawula badhe dhawah jalaran kasandhung,
saha kawula tansah karidhu ing sakit.
18 (38-19) Dene kawula ngakeni kalepatan kawula,

kawula melang-melang margi saking dosa
kawula.
19 (38-20) Mengsah kawula kathah sanget,
tuwin kathah tiyang ingkang sengit
dhumateng kawula tanpa sabab;
20 (38-21) tiyang ingkang males awon
dhateng kasaenan kawula,
sami nglawan kawula, amargi kawula
ngudi dhateng kasaenan.
21 (38-22) Dhuh Yehuwah Allah kawula,
Paduka mugi sampun negakaken
kawula,
sampun nebihi kawula.
22 (38-23) Mugi enggala mitulungi kawula,
dhuh Pangeran, Pamarta kawula!

MASMUR 39

Pandonga nyuwun pitulungan

39:1-13 (39:1-14)

39 1 Kanggo lurah pasindhen, kanggo
Yedutun. Masmur anggitane Prabu
Dawud.
(39-2) Gagasanku mangkene: “Aku dak
ngati-ati,
supaya aku aja nganti nglakoni dosa
kalawan ilatku,
cangkemku dakjaga kalawan dakbrangus,
sajrone wong duraka isih ana ing
ngarepku.”
2 (39-3) Aku mbisu, aku meneng,
aku mbisu, aku adoh karo bab kang becik,

nanging prihatinku saya banget.
3 (39-4) Atiku panas ana ing jeroku,
murub kaya geni nalika aku sesambat;
aku munjuk kalawan ilatku:
4 (39-5) “Dhuh Yehuwah, Paduka mugi karsaa
paring sumerep bab ngajal kawula,
punapadene bab watesing umur kawula,
supados kawula mangretos bilih kawula
punika boten langgeng!
5 (39-6) Lah dangunipun umur kawula punika
sampun Paduka temtokaken namung
sawatawis tebah;
saha gesang kawula punika kados barang
ingkang kothong wonten ing ngarsa
Paduka,
pancen saben tiyang punika namung
satunggaling bab ingkang tanpa gina.
(Selah)
6 (39-7) Manungsa punika namung
kadosdene wewayangan ingkang
langkung,
namung usreg kemawon bab barang
ingkang tanpa paedah,
nandho-nandho nanging boten sumerep
sinten ingkang badhe ngrakup.
7 (39-8) Dados sapunika ingkang kula
ajeng-ajeng punika punapa, dhuh Gusti?
Namung Paduka kemawon ingkang kawula
ajab.
8 (39-9) Paduka mugi karsaa ngluwari kawula
saking sakathahing kalepatan,
kawula sampun ngantos dados
cecampahanipun tiyang gemblung.

9 (39-10) Kawula mingkem, boten mbikak cangkem kawula,
amargi Paduka piyambak ingkang tumindak.
10 (39-11) Paduka mugi karsaa nyingkiraken panyiksa Paduka saking kawula,
kawula remuk-rempu margi saking panggebag Paduka.
11 (39-12) Paduka ngrangket tiyang mawi paukuman,
jalaran lepat;
kaendahanipun Paduka lebur kadosdene renget,
pancen saben tiyang punika namung bab ingkang tanpa gina. (Selah)
12 (39-13) Dhuh Yehuwah mugi karsaa miyarsakaken pandonga kawula,
saha nilingna ing pasambat kawula,
tetesing eluh kawula sampun Paduka kendelaken kemawon,
amargi kawula punika mondhok wonten ing ngarsa Paduka,
tiyang neneka kadosdene leluhur kawula sadaya.
13 (39-14) Paduka mugi mengkeraken kawula, supados kawula saged bingar,
saderengipun kawula kesah sarta boten wonten ing malih.”

MASMUR 40

Panuwun lan pandonga

40:1-17 (40:1-18)

40 1 Kanggo lurah pasindhen. Masmur anggitane Prabu Dawud.
(40-2) Aku nganti-anti banget marang Sang Yehuwah,
nuli iya diuningani, sarta pasambatku dipiyarsakake.
2 (40-3) Aku dientasake saka luwenging bilai,
lan saka ing bladhering rawa,
sikilku banjur didegake ana ing parang,
jangkahku dikukuhake.
3 (40-4) Apadene cangkemku diparingi kidung anyar,
kidung pamuji marang Allah kita,
akeh wong kang padha weruh, temahan wedi,
lan banjur kumandel marang Pangeran Yehuwah.
4 (40-5) Rahayu wong,
kang padha kumandel marang Pangeran Yehuwah,
kang ora tumolih marang wong kang padha kumlungkung,
lan marang wong kang nyimpang marang ing pambekan cidra.
5 (40-6) Dhuh Yehuwah Allah kawula, sampun kathah ingkang Paduka tindakaken,

pakaryan Paduka ingkang elok saha karsa
Paduka tumrap kawula sadaya,
boten wonten ingkang saged kajejeraken
kaliyan Paduka.
Kaelokan Paduka badhe kawula cariyosaken
saha kawula ucapaken,
nanging manawi kaetang kakathahen
sanget cacahipun.
6 (40-7) Paduka boten karenan dhateng
kurban sembelehan saha kurban
dhaharan.
Paduka sampun mbikak kuping kawula,
Paduka boten mundhut kurban obaran
tuwin kurban pangruwating dosa.
7 (40-8) Kula lajeng munjuk: "Lah punika
kawula sowan;
ing gulunganing kitab sampun wonten
seratipun ingkang magepokan kaliyan
kawula;
8 (40-9) dhuh Allah kawula, kawula remen
nglampahi karsa Paduka;
sarta angger-angger Paduka wonten ing
batos kawula."
9 (40-10) Kawula martosaken kaleresan
wonten ing pasamuwanipun tiyang kathah;
malah kawula boten mekak lambe kawula,
dhuh Yehuwah, Paduka ingkang ugi mirsa.
10 (40-11) Kaadilan boten kawula sidhem
wonten ing manah kawula,
kasetyan Paduka saha kawilujengan
ingkang saking Paduka kawula rembag,
katresnan saha kaleresan Paduka boten
kawula sidhem

wonten ing pasamuwanipun tiyang kathah.
11 (40-12) Dhuh Yehuwah, Paduka mugi
sampun ngantos mekak sih-kadarman
Paduka saking kawula,
kawula mugi tansah kareksaa ing
katresnan saha kaleresan Paduka!
12 (40-13) Amargi bebaya ngepang kawula
ngantos boten kenging kaetang
kathahipun.
Kawula sampun ketututan ing duraka kawula,
ngantos kawula boten tahan ningali;
cacahipun nglangkungi cacahipun
rambutipun sirah kawula,
temah manah kawula pasrah.
13 (40-14) Dhuh Yehuwah, Paduka mugi
karsaa ngluwari kawula;
dhuh Yehuwah, mugi enggal karsaa paring
pitulungan dhumateng kawula!
14 (40-15) Sadaya tiyang ingkang ngangkah
dhateng nyawa kawula,
mugi sami nandhanga wirang tuwin isin;
ingkang ngudi bilai kawula,
mugi sami mundur sarta nandhanga
wirang!
15 (40-16) Tiyang ingkang mungel: “Sokur,
sokur!” dhateng kawula,
punika mugi kabungkema cangkemipun
margi wirang.
16 (40-17) Tiyang ingkang ngupadosi Paduka,
mugi sami bingah-bingah sarta suka-suka
margi saking Paduka;
ingkang remen dhateng kawilujengan
ingkang saking Paduka,

tetepa ngucap makaten: “Pangeran Yehuwah, linuhurna!”
17 (40-18) Kawula punika sangsara lan mlarat,
nanging Pangeran nggalih dhateng kawula,
Paduka ingkang mitulungi tuwin ngluwari kawula,
dhuh Allah kawula, mugi sampun ngantos rendhet!

MASMUR 41

Pandonga nyuwun kawarasan

41:1-13 (41:1-14)

41 1 Kanggo lurah pasindhen. Masmur anggitane Prabu Dawud.
(41-2) Rahayu wong kang nggatekake marang wong kang ringkih!
Wong iku bakal dipitulungi Sang Yehuwah ing wektu nandhang sangsara.
2 (41-3) Pangeran Yehuwah bakal ngayomi lan ngopeni nyawane,
temah kasebut wong begja ana ing bumi;
Paduka boten badhe marengaken piyambakipun dipun angge dolanan dening mengsahipun!
3 (41-4) Manawa kecandhak ing lelara, dibiyantu dening Sang Yehuwah ana ing paturone,
Paduka sarasaken babar pisan sesakitipun wonten ing patilemanipun.

4 (41-5) Mungguh aku, aturku mangkene:
"Dhuh Yehuwah kawula mugi Paduka welasi,
kawula mugi Paduka sarasaken, amargi anggen kawula damel dosa punika dhumateng Paduka."
5 (41-6) Satruku padha nyatur aku ala:
"Besuk kapan matine wong iku, sarta sirnane jenenge?"
6 (41-7) Wong kang tilik aku, rembuge goroh:
atine kebak piala,
bareng metu iku diwartak-wartakake.
7 (41-8) Sakehing wong kang sengit marang aku padha bisik-bisik bab aku,
padha ngrantam piala marang aku:
8 (41-9) "Wong iku wis kecandhak ing lelara kang mbebayani,
anggone ngleleh ora bakal bisa tangi maneh."
9 (41-10) Dalah mitraku kang dakpracaya,
kang kembul mangan karo aku,
iku uga ngethungake tungkake marang aku.
10 (41-11) Nanging Paduka dhuh Yehuwah, mugi karsaa melasi kawula saha njejegaken kawula,
kawula lajeng badhe males dhateng tiyang-tiyang punika.
11 (41-12) Margi saking makaten kawula sumerep, bilih Paduka karenan dhumateng kawula,

punika manawi kawula boten dados
margining satru kawula lajeng
asurak-surak.
12 (41-13) Wondene menggah ing kawula,
Paduka ngekahahaken kawula margi
saking temen kawula,
sarta Paduka jejegaken wonten ing ngarsa
Paduka
ing salami-laminipun.
13 (41-14) Pinujia Pangeran Yehuwah, Allahe
Israel,
wiwit ing kalanggengan tumeka ing
kalanggengan!
Amin, Amin.

Jilid II: MASMUR 42--72

Kangen marang Gusti Allah

42:1--43:5

42 1 Kanggo lurah pasindhen. Kidung
piwulang anggitane bani Korakh.
(42-2) Kados pangorongipun sangsam
dhateng toyaning lepen,
inggih makaten kangening nyawa kawula
dhumateng Paduka, dhuh Allah.
2 (42-3) Nyawaku ngorong marang Allah,
marang Allah kang gesang,
besuk kapan anggonku diparengake
sowan ndeleng Gusti Allah?
3 (42-4) Luhku kang dakpangan
rina lan wengi

awit sadina muput aku dicalathoni ing wong mangkene:
"Allahmu ana ing ngendi?"
4 (42-5) Iki bakal dakeling-eling,
sajrone nyawaku sedhih lan lesu:
sarehne wonge akeh banget
kapriye bisaku maju
ndhisiki wong-wong iku menyang ing padalemaning Allah
kalawan surak-surak lan ngrepekake kidung panuwun,
ana ing karameaning wong-wong kang padha nganakake pahargyan.
5 (42-6) Dhuh nyawaku, yagene kok tumungkul,
lan ngolang-ngaling ana ing jeroku?
Ngarep-arepa marang Allah,
awit Panjenengane bakal dakpuji,
Panjenengane kang dadi Pitulunganku lan Allahku!
6 (42-7) Nyawa kawula tumungkul wonten ing nglebet kawula,
mila kawula lajeng kengetan dhumateng Paduka,
saking ing pasitening benawi Yarden lan ing pareden Hermon,
saking ing redi Mizar.
7 (42-8) Samodra agung nguwuh-uwuh dhateng sami samodra agung,
sareng kaliyan kumrasaking grojogan Paduka;
kawula karoban ing sakathahing ombak saha alun Paduka.

8 (42-9) Ing wayah rina Pangeran Yehuwah
ndhawuhake sih-kadarman,
sarta ing wayah bengi aku ngrepekake
kekidungan,
pandonga marang Gusti Allahing uripku.
9 (42-10) Unjukku marang Allah peparangku
mangkene:
"Punapaa dene Paduka boten ngengeti
kawula?
Punapaa dene kawula kedah gesang kalayan
mangangge bagor
margi saking panganiayanipun satru?"
10 (42-11) Tiyang ingkang nenacad kawula
punika,
kados nuwek-nuweka balung kawula,
sadinten muput tansah wicanten dhateng
kawula makaten:
"Allahmu ana ing ngendi?"
11 (42-12) Dhuh nyawaku, yagene kok
tumungkul?
Yagene kok ngolang-ngaling ana ing
jeroku?
Ngarep-arepa marang Gusti Allah! Awit
Panjenengane dakpuji maneh,
Panjenengane kang dadi Pitulunganku lan
Allahku!

MASMUR 43

43 1 Dhuh Allah, Paduka mugi paring adil
dhumateng kawula, karsaa nindakaken
prakawis kawula,

ingkang tumuju dhateng bangsa ingkang
boten saleh!
Mugi karsaa nguwalaken kawula saking
tiyang ingkang ambek cidra lan culika!
2 Awit Paduka punika Allah ingkang dados
pangungsen kawula.
Punapaa dene kawula kok Paduka
sebrataken?
Punapaa dene kawula kedah gesang kalayan
mangangge bagor,
margi saking panganiayanipun satru?
3 Paduka mugi maringi pepadhang saha
kasetyan Paduka,
sageda nuntun kawula dhateng redi
Paduka ingkang suci,
sarta dhateng ing padaleman Paduka.
4 Supados kawula sageda lumebet dhateng
ing ngajengipun misbyah Paduka,
sowan dhateng ing ngarsanipun Gusti Allah
ingkang paring suka bingah dhateng
kawula,
saha memuji binarung swaraning clempung,
dhuh Allah, Allah kawula!
5 Heh nyawaku, yagene kowe kok tumungkul?
Yagene kok ngolang-ngaling ana ing
jeroku?
Ngarep-arepa marang Gusti Allah, awit
Panjenengane dakpuji maneh,
Panjenengane kang dadi Pitulunganku lan
Allahku!

MASMUR 44

Pasambate bangsa kang katindhes

44:1-26 (44:1-27)

44 [1] Kanggo lurah pasindhen. Saka bani
Korakh. Kidung piwulang.
(44-2) Dhuh Allah, kawula sampun mireng
piyambak,
saking para leluhur kawula ingkang sami
nyariyosi kawula,
bab pakaryan ingkang sampun Paduka
tindakaken kala jamanipun,
inggih kala jaman kina.
2 (44-3) Bangsa sanes sampun sami Paduka
tundhung piyambak kalayan asta
Paduka,
nanging para leluhur sami Paduka tanem,
suku-suku bangsa sami Paduka damel
sangsara,
nanging para leluhur sami paduka
dadosaken tangkar-tumangkar.
3 (44-4) Amargi boten sarana pedhang
anggenipun sami ngejegi nagari,
sanes tanganipun ingkang murugaken
unggul,
nanging asta Paduka tengen, bau Paduka
saha cahyaning wadana Paduka,
sabab sami damel rena Paduka.
4 (44-5) Inggih Paduka piyambak punika
ingkang jumeneng dados Raja saha
Allah kawula,

ingkang ndhawuhaken kaunggulanipun
Yakub.
5 (44-6) Kanthi pitulungan Paduka kawula
saged ngrebahaken mengsah,
sarta margi saking asma Paduka kawula
saged ngiles-iles para tiyang ingkang
nglawan kawula.
6 (44-7) Amargi sanes panah kawula ingkang
kawula andelaken,
sanes pedhang kawula ingkang murugaken
unggul,
7 (44-8) nanging Paduka ingkang paring
kaunggulan dhumateng kawula
samangsa kawula nglawan mengsah,
saha Paduka ingkang mirangaken tetiyang
ingkang sami nyengiti kawula.
8 (44-9) Awit saking Gusti Allah kawula
sadinten muput sami ngrepekaken
kidung pamuji,
sarta asma Paduka sami kawula puji ing
salaminipun. (Selah)
9 (44-10) Nanging sapunika kawula sami
Paduka kipataken sarta Paduka kendel
kemawon, kawula sami kawirangan.
Paduka boten miyos ngirid lampahing
wadya-bala kawula.
10 (44-11) Paduka damel mundur kawula
saking ngajenganing mengsah kawula
lan tiyang ingkang sami nyengiti kawula
sami njejarah.
11 (44-12) Kawula sami Paduka ulungaken
kadosdene menda sembelehan,

saha kawula sami Paduka sebar wonten ing antawisipun para bangsa.
12 (44-13) Umat Paduka Paduka sade kanthi lelahanan
sarta boten mundhut bathi saking pepajenganipun.
13 (44-14) Kawula sami Paduka dadosaken cacadan tumrap ing tangga-tepalih kawula,
kadamel gegujengan saha dipun wirang-wirangaken dening tiyang-tiyang ing sakiwa-tengen kawula.
14 (44-15) Kawula Paduka dadosaken pocapan wonten ing antawisipun para bangsa,
tuwin jalaranipun para suku bangsa sami gedheg-gedheg.
15 (44-16) Sadinten muput kanisthan kawula wonten ing ngajeng kawula,
sarta rai kawula kasasaban ing kawirangan,
16 (44-17) awit saking tembung-tembungipun tiyang ingkang nenacad saha nyenyamah,
wonten ing ngajenging mengsah saha tiyang ingkang ambek remen males awon.
17 (44-18) Sadaya wau sampun dhumawah ing badan kawula, nanging kawula boten kesupen dhumateng Paduka,
inggih boten cidra dhumateng prasetya Paduka.
18 (44-19) Manah kawula sami boten mbangkang,

saha lampah kawula sami boten nyleweng
saking margi Paduka,
19 (44-20) sanadyan Paduka sampun
ngremuk kawula wonten ing tengahipun
segawon ajag,
saha Paduka nglimputi kawula kalayan
pepeteng.
20 (44-21) Saupami kawula sami kesupen
dhateng asmanipun Gusti Allah kawula,
lan ngegaraken tangan kawula dhumateng
allah sanesipun,
21 (44-22) punapa Gusti Allah boten badhe
nitipriksa ingkang kados makaten
punika?
Amargi Pangeran rak boten kesamaran
wewadosing manah?
22 (44-23) Saestu, awit saking Paduka kawula
sami wonten ing salebeting bebaya
pejah ing saben dintenipun,
saha kasamekaken kaliyan menda
sembelehan.
23 (44-24) Dhuh Gusti, mugi Paduka karsaa
wungu, punapaa dene Paduka sare?
Mugi Paduka karsaa wungu, sampun
ngantos tansah ngipataken kawula.
24 (44-25) Punapadene Paduka nasabi
wadana Paduka,
saha boten enget dhateng anggen kawula
sami katindhes sarta kasiya-siya?
25 (44-26) Dene nyawa kawula tumungkul
ing lebu,
badan kawula kelet ing siti.

26 (44-27) Mugi Paduka karsaa jumeneng
mitulungi kawula sadaya,
sarta karsaa ngluwari kawula awit saking
sih-piwelas Paduka.

MASMUR 45

Kidungan nalika palakramaning ratu

45:1-17 (45:1-18)

45 1 Kanggo lurah pasindhen. Miturut lagu:
Kembang bakung. Saka bani Korakh.
Kidung piwulang: kidung katresnan.
(45-2) Atiku ngluberake tembung kang
ngresepake,
aku arep ngunjukake kekidunganku
marang Sang Prabu;
ilatku iku dadi pene juru-tulis kang wasis.
2 (45-3) Panjenengan dalem punika ingkang
bagus piyambak wonten ing antawising
sakathahing para anakipun manungsa,
lathi dalem kesokan ing kamirahan,
pramila panjenengan dalem sampun
dipun berkahi
dening Gusti Allah ing salami-laminipun.
3 (45-4) Dhuh Sang Prawira, pedhang dalem
panjenengan dalem sengkelit,
ing salebeting kaluhuran saha kamulyan
dalem!
4 (45-5) Ing salebeting kamulyan dalem
punika kawula aturi majeng dhemi
kaleresan,

peri kamanungsan saha kaadilan! Asta
dalem tengen supados ngunjukna
piwulang dhumateng panjenengan
dalem bab pandamel ingkang
ngedab-edabi!
5 (45-6) Jemparing dalem sami landhep-
landhep nembus manahipun para
mengsahipun Sang Prabu,
para bangsa sami sumungkem ing
ngandhapipun sampeyan dalem.
6 (45-7) Dhampar punika kagunganipun
Gusti Allah, kangge ing salajengipun
saha salaminipun,
jungkatipun kaprabon dalem punika
jungkating kaleresan.
7 (45-8) Panjenengan dalem resep dhateng
kaadilan saha gething dhateng duraka;
mila Gusti Allah, Allah paduka sampun
njebadi panjenengan dalem kalayan
lisah minangka tandhaning kabingahan
nglangkungi para mitra golongan dalem.
8 (45-9) Busana dalem sadaya ngganda
blendok mur, kajeng garu tuwin
cendhana,
saking kadhaton gadhing swaraning
clempung damel renaning pangalih
dalem;
9 (45-10) para putrining ratu sami kagolong
kaliyan para kekasih dalem,
Sang Prameswari jumeneng wonten ing
tengen dalem,
ngagem busana kencana saking Ofir.

10 (45-11) Dhuh Sang Putri, panjenengan
dalem kawula aturi mirsani,
mugi karsaa nilingaken talingan dalem,
sampun ngengeti dhateng bangsa dalem
sarta sadaya isining padalemanipun
rama dalem!
11 (45-12) Sang Prabu supados kasengsem
margi saking endahing sarira dalem,
awit punika gusti dalem! Kawula aturi
nyembah wonten ing ngarsanipun.
12 (45-13) Putri ing Tirus marak mbekta
pisungsung;
para tiyang sugih ing antawisipun
rakyat sami sowan badhe ngasih-asih
dhumateng panjenengan dalem.
13 (45-14) Putrine Sang Prabu iku dadi
kaendahan ana ing njero,
busanane sinulaman benang mas.
14 (45-15) Anggone kasowanake marang
ngarsane Sang Prabu ngagem busana
sulaman manca warna,
kadherekake dening para kenya mitrane,
yaiku para kang padha katimbalan kagem
panjenengane.
15 (45-16) Iku padha kasowanake kalawan
suka-suka lan asurak-surak,
padha lumebu ing kadhatone Sang Prabu.
16 (45-17) Para putra dalem prayoginipun
sami nggentosana para leluhur dalem,
tuwin sami panjenengan dalem wisudha
dados pangageng wonten ing
salumahing bumi.

17 (45-18) Kawula sami badhe nyuwuraken
asma dalem ngantos turun-tumurun,
mila sakathahipun bangsa sami badhe
memuji dhumateng panjenengan dalem
ing salajengipun saha ing salaminipun.

MASMUR 46

Gusti Allah iku kutha beteng kita

46:1-11 (46:1-12)

46 1 Kanggo lurah pasindhen. Saka bani
Korakh. Lagune: Alamot. Kidungan.
(46-2) Gusti Allah iku dadi papan
pangayoman lan karosan kita,
nyata banget kang mitulungi sajroning
karubedan.
2 (46-3) Mulane kita ora bakal miris,
sanadyan bumi ngantia ngalih
panggona,
tuwin gunung-gunung padha gonjing ana
ing telenging segara;
3 (46-4) sanadyan gumuruh sarta banyune
munthuk,
sarta sanadyan gunung padha horeg
marga saka molak-maliking alun.
(Selah)
4 (46-5) Ana bengawan kang iline
mbungahake kuthaning Allah,
padalemane Kang Mahaluhur.
5 (46-6) Gusti Allah ana ing kono, mula ora
bakal gonjang-ganjing,

sarta bakal dipitulungi dening Gusti Allah
ing wayah bangun esuk.
6 (46-7) Para bangsa padha geger, sakehing
karajan padha gonjing,
Panjenengane ngedalake swarane, bumi
temah ajur mumur.
7 (46-8) Pangeran Yehuwah Gustining kang
sarwa dumadi nunggil karo kita,
Allahe Rama Yakub iku dadi beteng kita.
(Selah)
8 (46-9) Mara padha lungaa, sawangen
pakaryane Sang Yehuwah,
kang nuwuhake tetumpesan ana ing bumi,
9 (46-10) kang ngendhakake peperangan
nganti tumeka ing pungkasaning bumi,
kang mutung gandhewa sarta mapakake
tumbak,
kang ngobongi kareta perang kalawan
geni.
10 (46-11) “Menenga lan ngretia, manawa
Ingsun iku Allah!
Ingsun kaluhurake ana ing tengahing para
bangsa,
linuhurake ana ing bumi!”
11 (46-12) Pangeran Yehuwah Gustining kang
sarwa dumadi nunggil karo kita,
Allahe Rama Yakub iku beteng kita. (Selah)

MASMUR 47

Gusti Allah, Ratuning salumahing bumi

47:1-9 (47:1-10)

47 [1] Kanggo lurah pasindhen. Saka bani Korakh. Masmur.
(47-2) He para bangsa kabeh, padha keplok-keploka,
padha methuka Gusti Allah kalawan surak-surak!
2 (47-3) Awit Pangeran Yehuwah Kang Mahaluhur iku nggegirisi,
sarta jumeneng Ratu Agung ana ing salumahing bumi.
3 (47-4) Para bangsa padha ditelukake marang kita,
sarta para suku bangsa padha disorake ana ing tlapakan kita.
4 (47-5) Kita padha kapilihake tanah-pusaka kita,
kang digung-gungake dening Rama Yakub, kekasihe. (Selah)
5 (47-6) Gusti Allah wus sumengka ingiring ing surak rame,
iya Sang Yehuwah iku sumengka kalawan kairing ing swaraning kalasangka.
6 (47-7) Gusti Allah padha saosana kekidungan masmur, padha saosana kekidungan masmur.
padha ngidunga masmur kagem ratu kita, padha ngidunga masmur!

7 (47-8) Amarga Gusti Allah iku Ratu ing
salumahing bumi,
padha ngidunga masmur, kidung piwulang!
8 (47-9) Gusti Allah iku ngratoni para bangsa,
sarta lenggah ing dhampare kang suci.
9 (47-10) Para panggedhening bangsa-
bangsa padha ngumpul,
kang padha dadi umate Allahe Rama
Abraham.
Sabab tameng-tamenging bumi iku
kagungane Gusti Allah,
Panjenengane iku banget anggone
kaluhurake.

MASMUR 48

Sion, kuthane Gusti Allah

48:1-14 (48:1-15)

48 1 Kidungan. Masmur anggitane bani
Korakh.
(48-2) Pangeran Yehuwah iku Mahaagung
lan luwih dening pinuji-puji
ana ing kuthane Gusti Allah kita!
2 (48-3) Gununge kang suci, kang munggul
endah,
iku minangka kasenenganing sajagad rat;
gunung Sion iku prenahe adoh ing sisih lor,
kuthane Sang Nata Agung.
3 (48-4) Ana ing kadhaton-kadhatone
Gusti Allah nedahake manawa
Panjenengane iku dadi beteng.

4 (48-5) Amarga awasna, para raja padha ngumpul,
sarta padha bebarengan mangsah nempuh;
5 (48-6) bareng padha ndeleng marang kutha iku padha kaebatan;
kaget, banjur padha mlayu sarsaran.
6 (48-7) Dumadakan padha geter ana ing kono,
padha lara kaya wong wadon kang nglarani arep duwe anak.
7 (48-8) Paduka ngremuki baita-baita Tarsis,
kaliyan prahara saking wetan.
8 (48-9) Kayadene pangrungu kita, iya kaya mangkono pandeleng kita,
ana ing kuthaning Yehuwah, Gustine sarwa tumitah,
ing kuthaning Allah kita;
Gusti Allah kang nyantosakake iku langgeng ing salawase. (Selah)
9 (48-10) Dhuh Allah, wonten ing padaleman Paduka,
kawula sami ngenget-enget dhateng sih-kadarman Paduka.
10 (48-11) Dhuh Allah, kadosdene asma Paduka, makaten ugi misuwur Paduka,
ngantos dumugi ing pungkasaning bumi,
asta tengen Paduka kebak kaadilan.
11 (48-12) Redi Sion kajengipun abingah-bingah;
para putrinipun Yahuda kajengipun asurak-surak
margi saking paukuman Paduka!

12 (48-13) Padha lumakua ngubengi Sion,
padha ngubengana sakempute,
etungen menarane,
13 (48-14) tamatna balowartine,
dlajahana kraton-kratone,
supaya kowe padha bisa nyaritakake
marang anak-putu.
14 (48-15) Sanyatane iki Gusti Allah,
iya Panjenengane iku Allah kita ing
sabanjure lan ing salawase!
Iya Panjenengane iku kang nuntun kita.

MASMUR 49

Kabegjan kang tanpa guna

49:1-20 (49:1-21)

49 1 Kanggo lurah pasindhen. Saka bani
Korakh. Masmur.
(49-2) He sakehing para bangsa, padha
ngrungokna,
he sakehing wong ing donya, padha
nilingna;
2 (49-3) para wong cilik lan wong gedhe,
para wong sugih lan wong mlarat
sakabehe!
3 (49-4) Cangkemku bakal nglairake
kawicaksanan,
kang dipikir-pikir dening atiku iku
pangreten.
4 (49-5) Aku bakal nilingake marang
bebasan,

tuwin bakal ngandharake paribasanku
kalawan ngunekake clempung!
5 (49-6) Yagene kok aku nganti wedi marang
dinaning karubedan,
rikala aku kinepung ing pialane wong kang
padha ngoyak-oyak aku,
6 (49-7) wong-wong kang padha ngendel-
endelake raja-branane,
lan umuk marga saka kehing bandhane?
7 (49-8) Ora ana wong siji-sijia bae kang bisa
ngluwari awake dhewe,
utawa ngaturi tebusan marang Gusti Allah
minangka liruning nyawane.
8 (49-9) Amarga kelarangen regane
pangluwaraning nyawane,
lan ora nyukupi ing salawase,
9 (49-10) supaya lestari urip ing sateruse,
lan ora ndeleng luwanganing kuburan.
10 (49-11) Sanyatane, bakal kinawruhan:
para wong kang wicaksana padha mati,
para wong bodho lan tanpa budi padha
mati bareng,
lan bandhane ditinggalake marang wong
liya.
11 (49-12) Kubure iku dadi omahe ing
salawase,
dienggoni nganti turun-tumurun,
pategalan-pategalan dianggep dadi
duweke.
12 (49-13) Nanging wong iku gedhea
kaluhurane, iya ora lestari uripe,
mung padha kaya kewan kang dipateni.

13 (49-14) Kaya mangkono iku kaanane wong kang ngendelake awake dhewe,
sarta patine wong kang seneng marang tembunge dhewe. (Selah)
14 (49-15) Kaya wedhus anggone padha lumebu marang ing jagading wong mati,
pati kang dadi pangone;
padha terus tumurun marang ing kuburan, awake ajur mumur,
jagading wong mati kang dadi papan padunungane.
15 (49-16) Nanging nyawaku bakal diluwari dening Gusti Allah,
saka ing cengkeremaning jagade wong mati,
amarga Panjenengane bakal mundhut aku. (Selah)
16 (49-17) Aja sumelang, manawa ana wong sangsaya sugih,
sarta sangsaya wuwuh kamuktene ana ing omahe,
17 (49-18) amarga rikala matine kabeh iku ora bakal digawa,
kamuktene ora bakal ngetutake dheweke.
18 (49-19) Sanadyan sajroning uripe ngarani awake dhewe iku begja,
lan dialem dening wong marga anggone mbeciki awake dhewe,
19 (49-20) ewadene bakal padha marani para leluhure,
kang ora bakal ndeleng pepadang ing sateruse.

20 (49-21) Manungsa kang kadunungan
kamulyan akeh, manawa ora duwe
kawruh,
iku kena dipadhakake kewan kang
disembeleh.

MASMUR 50

Pangabekti kang sejati

50:1-23

50 1 Masmur anggitane Asaf.
Kang Mahakawasa, yaiku Pangeran
Yehuwah, ngandika sarta nimbali
marang bumi,
saka prenah pletheking surya tutug
prenahe surupe.
2 Saka ing Sion, sampurnaning kaendahan,
Gusti Allah miyos ngagem kamulyan.
3 Allah kita bakal rawuh lan ora kendel bae,
ing ngarsane ana geni kang memangsa,
ingayap ing prahara kang nggegirisi.
4 Panjenengane nguwuh marang langit ing
dhuwur,
lan marang bumi prelu ngadili marang
umate:
5 "Para kekasihingSun padha kumpulna ana
ing ngarsaningSun,
kang padha gawe prajanjian kalawan
Ingsun mawa saos kurban sembelehan!"
6 Nuli langit mratelakake kaadilane,
amarga Gusti Allah piyambak iku kang
jumeneng Hakim. (Selah)

7 “He umatingSun, padha ngrungokna,
Ingsun karsa ngandika,
he Israel, Ingsun ndhawuhake paseksen
marang sira,
Ingsun iki Allah, Allahira!
8 Ingsun ora melehake sira marga saka
kurbanira,
amarga kurbanira obaran rak tansah ana
ing ngarsaningSun?
9 Ingsun ora susah mundhut sapi saka ing
omahira
utawa wedhus lanang saka ing
kandhangira,
10 amarga sarupaning kewan ing alas iku
kagunganingSun,
samono uga sato-kewan ewon kang ana
ing gunung.
11 Sakehing manuk ing awang-awang Ingsun
wanuh,
lan apa kang kumelip ana ing ara-ara iku
Sunwengku.
12 Manawa Ingsun kerapan, ora usah
ngandika marang sira,
amarga jagad saisine kabeh iku
kagunganingSun.
13 Apa Ingsun dhahar daginge sapi lanang,
utawa ngunjuk getihing wedhus lanang?
14 Ngaturna panuwun minangka kurban
marang Gusti Allah,
lan luwarana nadarmu marang Kang
Mahaluhur!
15 Ing dina karubedan sira padha nyebuta
marang Ingsun,

nuli Ingsun bakal mitulungi sira lan sira
bakal ngluhurake Ingsun.” (Selah)
16 Balik marang wong duraka Gusti Allah
ngandika mangkene:
“Sira kok kumawani niti-priksa
pranataningSun,
lan cangkemira kok ngrasani
prajanjianingSun,
17 mangka sira gething marang pameleh,
sarta nyingkur marang
pangandikaningSun.
18 Manawa sira weruh maling, sira banjur
dadi kancane,
sarta sira tetunggalan karo wong laku
bedhang.
19 Cangkemira sira uja muni ala,
sarta ilatira nganam-anam para cidra.
20 Sira lelungguhan nyatur alaning sadulurira,
lan anake embokira sira pitenah.
21 Iya iku kang sira lakoni;
nanging Ingsun kendel bae;
panyananira Ingsun iki padha karo sira;
sira mesthi Sunwelehake lan bab iki bakal
Suncolok-colokake ana ing ngarepira.
22 He sira kang padha nyingkur marang Gusti
Allah, padha gatekna;
supaya aja nganti Sunsempal-sempal,
lan ora ana kang ngluwari.
23 Sapa kang ngaturake pamuji minangka
kurban, iku ngluhurake Ingsun;
sapa kang jujur lakune,
karahayon peparinge Gusti Allah bakal
Suntedahake.”

MASMUR 51

Nalangsani dosa

51:1-19 (51:1-21)

51 1 Kanggo lurah pasindhen.
Masmur anggitane Sang Prabu Dawud,
(51-2) nalika Nabi Natan sowan, sawuse
panjenengane sapasarean karo Batsyeba.
(51-3) Dhuh Allah, kawula mugi Paduka
welasi awit saking sih-kadarman
Paduka,
mugi karsaa nglebur dosa kawula awit
saking gunging sih-kadarman Paduka.
2 (51-4) Mugi kawula Paduka resiki babar
pisan saking sakathahing dosa kawula,
sarta dosa kawula mugi Paduka ruwat.
3 (51-5) Amargi kawula ngrumaosi panerak
kawula,
saha dosa kawula tansah wonten ing
ngajeng kawula.
4 (51-6) Kawula damel dosa dhumateng
Paduka, inggih namung dhumateng
Paduka piyambak anggen kawula
sampun damel dosa punika,
sarta nglampahi ingkang Paduka galih
awon,
supados tetelaa bilih pancasan Paduka
punika adil,
saha patrap anggen Paduka ngadili punika
resik.

5 (51-7) Pancen saestu, anggen kawula
kalairaken punika nandhang duraka,
sarta biyung kawula ngandhut kawula ing
salebeting dosa.
6 (51-8) Pancen saestu, Paduka punika
karenan dhateng kaleresan
ing salebeting batos,
kanthi kendel-kendelan Paduka paring
sumerep bab kawicaksanan dhumateng
kawula.
7 (51-9) Dosa kawula mugi Paduka icali
kalayan hisop, temah dados resik,
kawula Paduka edusi temah dados pethak,
nglangkungi salju!
8 (51-10) Kawula pinarengana mireng
kabingahan lan sukarena,
saha balung ingkang sampun Paduka
remuk, sageda surak-surak malih!
9 (51-11) Paduka mugi karsaa ngaling-alingi
wedana Paduka, sampun ngantos mirsa
dosa kawula,
saha kalepatan kawula mugi Paduka lebur
sadaya.
10 (51-12) Dhuh Allah, Paduka mugi karsaa
damel resiking manah kawula,
sarta batos kawula mugi Paduka
enggalaken klayan roh ingkang santosa.
11 (51-13) Kawula mugi sampun ngantos
Paduka bucal saking ngarsa Paduka,
saha roh Paduka ingkang suci sampun
ngantos kapundhut saking kawula.

12 (51-14) Paduka mugi karsaa nggigah
kabingahan kawula malih margi saking
karahayon ingkang saking Paduka,
saha kawula Paduka jangkepi klayan roh
ingkang eklas!
13 (51-15) Temahan kawula badhe
mulangaken margi Paduka dhateng para
tiyang ingkang lampahipun nasar,
supados tiyang dosa sami mratobata
dhuumateng Paduka.
14 (51-16) Dhuh Allah, Allahipun karahayon
kawula,
Paduka mugi karsaa nguwalaken kawula
saking anggen kawula kasambutan rah,
temah ilat kawula badhe surak-surak
martosaken kaadilan Paduka.
15 (51-17) Dhuh Pangeran, Paduka mugi
karsaa mbikak lambe kawula,
supados cangkem kawula martosaken
kidung pamuji konjuk dhumateng
Paduka!
16 (51-18) Awit Paduka boten ngarsakaken
mundhut kurban sembelehan,
kurban obaran Paduka inggih boten karsa.
17 (51-19) Kurban sembelehan ingkang
katarimah ing Gusti Allah punika manah
ingkang rempu, manah ingkang pepes
lan remuk,
dhuh Allah punika boten Paduka galih asor.
18 (51-20) Paduka mugi karsaa nandukaken
kasaenan dhumateng Sion manut
rilaning panggalih Paduka,

saha karsaa mbangun balowartinipun
Yerusalem!
19 (51-21) Paduka nunten badhe karsa
nampeni kurban ingkang leres,
kurban obaran tuwin kurban ingkang
kabesmi sadaya,
lembu jaler lajeng badhe kakurbanaken
wonten ing misbyah Paduka.

MASMUR 52

Paukuman tumrap wong duraka

52:1-11

52 1 Kanggo lurah pasindhen.
Kidung piwulange Prabu Dawud,
(52-2) naliga Doëg, wong Edom seba
ngaturi uninga marang Prabu Saul, yen Sang
Senopati Dawud wus rawuh ing daleme Imam
Akhimelekh.
(52-3) He pahlawan, geneya kowe kok
gumunggung ing bab piala,
ana ing ngarepe wong kang sadina-dina
kinasihan dening Gusti Allah?
2 (52-4) Kowe ngrantam-ngrantam bilai,
ilatmu iku kaya lading panyukuran kang
wus kaasah,
he wong cidra!
3 (52-5) Kowe iku dhemen marang piala
ngungkuli kabecikan,
sarta marang para cidra ngluwihi kayekten.
(Selah)

4 (52-6) Kang kok dhemeni iku sakehing
tetembungan kang ngrusak,
he ilat kang cidra!
5 (52-7) Nanging kowe iku ing satemene
bakal dibrukakake dening Gusti Allah ing
sateruse
bakal direbat lan dilarak saka ing tarub
bakal kabethot saka ing tanahe wong
ngaurip. (Selah)
6 (52-8) Para wong mursid bakal padha
ndeleng, temahan padha wedi,
lan bakal padha nggeguyu, pangucape:
7 (52-9) "Lah kae delengen, wong iku ora
nganggep Gusti Allah dadi pangungsene,
nanging ngendelake marang kasugihane
kang luber,
lan ngayom marang pratingkahe anggone
ngrerusak!"
8 (52-10) Nanging aku iki bakal ana ing
padalemane Gusti Allah;
kaya wit jaitun kang ngrembuyung seger
ijo royo-royo;
sih-kadarmane Allah kang dakendelake ing
salawase.
9 (52-11) Kawula badhe ngunjukaken pamuji
sokur wonten ing ngarsa Paduka ing
salami-laminipun,
margi saking pangreh Paduka;
awit asma Paduka punika sae, mila badhe
kawula suwuraken
wonten ing ngajengipun para kekasih
Paduka!

MASMUR 53

Bab kanisthaning manungsa

53:1-6 (53:1-7)

53 1 Kanggo lurah pasindhen.
Miturut lagu: Mahalat. Kidung
piwulange Prabu Dawud.
(53-2) Wong gemblung mosik ing sajroning
atine:
"Ora ana Allah!"
Kaculikan kang padha dilakoni iku rusuh lan
nistha banget,
ora ana kang nglakoni kabecikan.
2 (53-3) Gusti Allah mirsani mangisor saka
ing swarga
marang para anaking manungsa,
karsa nguningani apa ana kang duwe budi,
lan kang ngupaya marang Gusti Allah.
3 (53-4) Kabeh wus padha nyimpang, kabeh
wus padha bubrah;
ora ana kang gawe becik, siji bae ora ana.
4 (53-5) Para wong kang nglakoni piala iku
apa ora ngrumangsani,
yen padha memangan marang umatingSun
nganti entek kaya mangan roti,
lan ora nyebut marang asmane Gusti
Allah?
5 (53-6) Ana ing kono padha ketaman ing
pagiris,
sanadyan ora ana kang marakake giris;

amarga Gusti Allah nyebar balung-balunge
wong kang padha ngepung kowe,
wong iku bakal padha kawirangake,
amarga wus padha katampik dening Gusti
Allah.
6 (53-7) Muga-muga pangentasane Israel
tekaa saka ing kutha Sion!
Manawa Gusti Allah maluyakake kaanane
umate maneh,
Yakub bakal surak-surak, Israel bakal
bungah-bungah.

MASMUR 54

Pandonga ing sajrone adu-arep karo mungsuh

54:1-7 (54:1-9)

54 1 Kanggo lurah pasindhen.
Binarung ing swaraning clempung.
Kidung piwulange Prabu Dawud, (54-2) rikala
wong ing Zifi padha seba marang ing ngarsane
Prabu Saul lan munjuk: “Dawud ndhelik
wonten ing panggenan kawula.”
(54-3) Dhuh Allah, Paduka mugi karsaa
mitulungi kawula margi saking asma
Paduka,
kawula mugi Paduka paringi kaadilan
margi saking kasantosan Paduka.
2 (54-4) Dhuh Allah, Paduka karsaa
miyarsakaken pandonga kawula,
sarta mugi karsaa nilingaken unjukipun
cangkem kawula.

3 (54-5) Awit wonten tiyang kumingsun
ingkang sami nglawan kawula;
tiyang ingkang gumunggung sami
ngangkah nyawa kawula;
tiyang-tiyang wau sami boten maelu dhateng
Gusti Allah. (Selah)
4 (54-6) Satemene Gusti Allah iku kang
mitulungi aku;
Pangeran iku kang ngemong uripku.
5 (54-7) Pialane nampeka marang
satru-satruku,
mugi sami Paduka tumpes awit saking
kasetyan Paduka.
6 (54-8) Kawula badhe nyaosi kurban kanthi
eklasing manah,
dhuh Yehuwah, kawula badhe memuji
asma Paduka,
amargi asma Paduka punika sae.
7 (54-9) Amargi Paduka ngluwari kawula
saking sakathahing karibedan,
saha mripat kawula nyawang dhateng
mengsah kawula.

MASMUR 55

Pandonga nyuwun pitulungan marga ana mungsuh

55:1-23 (55:1-24)

55 1 Kanggo lurah pasindhen.
Binarung swaraning clempung. Kidung
piwulange Prabu Dawud.

(55-2) Dhuh Allah, Paduka mugi karsaa
miyarsakaken pandonga kawula,
Paduka sampun ngantos mengkeraken
panyuwun kawula!
2 (55-3) Paduka mugi karsaa nilingaken saha
karsaa maringi wangsulan,
kawula nglembara kaliyan nangis margi
saking semplah.
3 (55-4) Margi saking pambengoking
mengsah,
lan panganiayanipun tiyang duraka;
amargi sami ndhatengaken bilai,
sarta kanthi pangigit-igit anggenipun
nglawan kawula.
4 (55-5) Manah kawula ngolang-ngaling,
tuwin pagirising pejah ngebruki kawula.
5 (55-6) Kawula ketaman ing ajrih lan raos
gumeter,
kawula kalimputan ing pagiris.
6 (55-7) Kawula manah makaten: "Adhuh,
saupama aku kaparingan swiwi kaya
manuk dara,
banjur mabur golek papan kang tentrem,
7 (55-8) malah nuli lumayu nganti adoh,
lan banjur nginep ana ing pasamunan.
(Selah)
8 (55-9) Aku bakal enggal-enggal golek
papan pangungsen,
ngoncati angin gedhe lan prahara."
9 (55-10) Dhuh Pangeran, mugi Paduka
karsaa damel bingungipun tiyang-tiyang
punika, saha karsaa ngisruhaken
pirembagipun,

amargi kawula ningali panganiaya saha
bebantahan wonten ing kitha!
10 (55-11) Rinten dalu sami ngubengi
kitha punika wonten ing sanginggiling
balowartinipun,
sarta ing nglebet wonten kacilakan lan
kasangsaran;
11 (55-12) saha kawontenan ingkang
ngrerisak pinanggih ing wewengkonipun,
panindhes lan para cidra jumedhul tanpa
kendhat wonten ing alun-alunipun.
12 (55-13) Saupami mengsah kawula ingkang
ngawon-awon kawula,
kawula taksih saged sabar.
Saupami ingkang sengit dhateng kawula
ingkang ngegungaken dhiri wonten ing
ngajeng kawula,
kawula taksih saged singidan.
13 (55-14) Nanging kowe iku wong kang
cedhak karo aku,
kancaku lan wong kang dakpracaya.
14 (55-15) Aku padha sesrawungan kalawan
becik,
lan padha bebarengan munggah menyang
ing padalemaning Allah ing satengahing
karamean.
15 (55-16) Wong iku muga padha kacandhaka
ing pati,
padha mudhuna menyang ing jagading
wong mati urip-uripan!
Amarga omahe malah batine kadunungan
piala.

16 (55-17) Nanging aku nyebut marang Gusti Allah,
sarta Pangeran Yehuwah banjur bakal ngluwari aku.
17 (55-18) Ing wayah sore, esuk lan awan aku sesambat lan nangis;
Pangeran banjur miyarsakake swaraku.
18 (55-19) Gusti Allah ngluwari aku kanthi tentrem
saka pangrangsanging mungsuhku, awit padha gumrudug nglawan marang aku.
19 (55-20) Gusti Allah kang lenggah ana ing dhampare wiwit kuna mula,
bakal mireng sarta ngesorake wong-wong iku. (Selah)
Amarga padha ajeg bae,
sarta padha ora wedi marang Gusti Allah.
20 (55-21) Wong iku ngagakake tangane marang para wong kang urip bebarengan karo dheweke kalawan rukun,
amarga nerak prajanjiane.
21 (55-22) Lunyuning cangkeme ngungkuli mertega,
nanging karepe arep nempuh perang;
alusing tembunge ngluwihi lenga,
nanging sakabehing mau pedhang ligan.
22 (55-23) Sumelangmu pasrahna marang Pangeran Yehuwah,
temah kowe mesthi direksa!
Pangeran ora marengake,
yen wong mursid gloyoran ing salawase.

23 (55-24) Nanging Paduka, dhuh Allah,
badhe nyemplungaken tiyang-tiyang
punika
dhateng ing sumur ingkang lebet;
tiyang ingkang ngwutahaken rah tuwin
lampah cidra,
umuripun boten badhe dumugi sapalih
nanging kawula kumandel dhumateng
Paduka.

MASMUR 56

Kumandel marang Gusti Allah ing sajroning karubedan

56:1-13 (56:1-14)

56 1 Kanggo lurah pasindhen.
Miturut lagu: Manuk dara ing wit
terbantin kang adoh. Miktam anggitane Prabu
Dawud, nalika panjenengane dicekel bangsa
Filisti ana ing kutha Gat.
(56-2) Dhuh Allah, kawula mugi Paduka
welasi, margi tiyang-tiyang sami
ngidak-idak kawula,
sarta kawula dipun perangi saha dipun
pepetaken sadinten muput.
2 (56-3) Mengsah-mengsah kawula sami
ngidak-idak kawula sadinten muput,
malah kathah tiyang ingkang nglawan
kawula kalayan gumunggung.
3 (56-4) Manawi kawula ajrih,
kawula punika kumandel dhumateng
Paduka;

4 (56-5) Gusti Allah, kang pangandikane
dakalembana,
iya Gusti Allah iku kang dakandelake,
mulane aku ora wedi.
Manungsa bisa manggawe apa marang
aku?
5 (56-6) Sadinten-dinten sami ngruwedaken
prakawis kawula,
sami tansah gadhah kekajengan badhe
nandukaken piawon dhateng kawula,
6 (56-7) sami badhe nempuh, ngintip saha
ngawasaken dhateng lampah kawula,
kados tiyang ingkang sami ngangkah
dhateng nyawa kawula.
7 (56-8) Tiyang wau punapa saged oncat,
manawi ngengeti durakanipun wau?
Dhuh Allah, para bangsa mugi sami Paduka
rebahaken klayan bebendu Paduka.
8 (56-9) Kasangsaran kawula punika Paduka
ingkang ngetang-etang,
luh kawula Paduka rimat wonten ing impes
Paduka;
sadaya rak sampun sami Paduka cathet
wonten ing Kitab Paduka?
9 (56-10) Mungsuhku banjur padha mundur
nalika aku sesambat,
aku yakin yen Gusti Allah nunggil karo
aku.
10 (56-11) Gusti Allah, kang sabdane
dakegungake,
Pangeran Yehuwah, kang sabdane
dakegungake.

11 (56-12) Gusti Allah, kang dakendelake,
mulane aku ora wedi.
Manungsa bisa manggawe apa marang
aku?
12 (56-13) Dhuh Allah, nadar kawula badhe
kawula tetepi wonten ing ngarsa Paduka,
kawula badhe ngaturaken kurban panuwun
dhumateng Paduka.
13 (56-14) Amargi Paduka sampun ngluwari
nyawa kawula saking pejah,
malah njagi suku kawula, satemah boten
kesandhung;
mila kawula saged lumampah wonten ing
ngarsanipun Gusti Allah,
ing pepadhanging gesang.

MASMUR 57

Diburu dening mungsuh, nanging kapitulungan dening Gusti Allah

57:1-11 (57:1-12)

57 1 Kanggo lurah pasindhen.
Miturut lagu: Aja ngrusak. Miktam anggitane Prabu Dawud, nalika lumajeng saka ing ngarsane Sang Prabu Saul menyang ing guwa.
(57-2) Kawula mugi Paduka welasi, dhuh
Allah, kawula mugi Paduka welasi,
awit namung Paduka ingkang dados
pangaubaning nyawa kawula;
kawula ngayom wonten ing sangandhaping
swiwi Paduka,

ngantos bebaya punika sampun mengker.
2 (57-3) Aku sesambat marang Gusti Allah Kang Mahaluhur,
Gusti Allah ngrampungi prakaraku.
3 (57-4) Gusti Allah muga karsaa utusan saka ing swarga ngluwari aku,
lan mirang-mirangake wong kang ngidak-idak aku. (Selah)
Gusti Allah muga karsaa ngintunake sih-kadarman lan kabenerane.
4 (57-5) Aku ngleleh ana ing tengah-tengahing singa-singa,
kang dhemen nubruk anak-anaking manungsa,
kang untune kaya tumbak lan panah,
sarta kang ilate kaya pedhang landhep.
5 (57-6) Dhuh Allah, Paduka mugi karsaa nedahaken kaluhuran Paduka,
ngantos dumugi ing sanginggiling langit,
sarta kamulyan Paduka mugi nglangkungana salumahing bumi.
6 (57-7) Lakuku padha dipasangi kala-jiret,
nyawaku ditungkulake,
padha ndhudhuk luwangan ana ing ngarepku,
nanging banjur padha kecemplung dhewe ana ing kono. (Selah)
7 (57-8) Manah kawula sampun cumawis, dhuh Allah, manah kawula sampun cumadhang,
kawula badhe ngrerepi, kawula badhe ngidung masmur.
8 (57-9) He nyawaku, tangia, tangia, he slukat lan clempung,

aku arep nggugah bangbang wetan!
9 (57-10) Paduka badhe kawula puji wonten
ing satengahipun para bangsa, dhuh
Pangeran,
Paduka badhe kawula kidungaken masmur
wonten ing satengahipun para suku
bangsa.
10 (57-11) Awit sih-kadarman Paduka
luhuripun sundhul ing akasa,
sarta kaleresan Paduka sundhul ing mega.
11 (57-12) Dhuh Allah, Paduka mugi karsaa
ngatingalaken kaluhuran Paduka
ngantos dumugi ing sanginggiling langit,
saha kamulyan Paduka mugi
nglangkungana salumahing bumi.

MASMUR 58

Tumrap panggedhe kang ambeksiya

58:1-11 (58:1-12)

58 1 Kanggo lurah pasindhen.
Lagune kaya kidung: Aja ngrusak.
Miktam anggitane Prabu Dawud.
(58-2) He para kang nyekel pangwasa, apa
pancasanmu iku adil temenan?
Anggonmu ngakimi marang para anaking
manungsa iku apa jujur?
2 (58-3) Malah cocog karo karepmu kowe
nglakoni piala,
tanganmu nindakake kekerasan ana ing
bumi.

3 (58-4) Wong duraka padha murtad wiwit lair mula,
para juru apus iku padha nasar wiwit ana ing wetenganing biyung.
4 (58-5) Wisane kaya wisane ula,
padha kaya ula bedhudhak kang budheg, kang nutupi kupinge,
5 (58-6) kang ora ngrungokake marang swarane para tukang njapani,
utawa swarane tukang maca mantra kang wasis.
6 (58-7) Dhuh Allah, Paduka mugi karsaa ngrampali untuning cangkemipun,
saha karsaa motholi siyungipun singa anem. (Selah)
7 (58-8) Sami sirnaa kados toya ingkang mili lajeng telas,
kajengipun sami alum kados rumput ing margi.
8 (58-9) Kajengipun sami sirna kados bekicot ingkang dados ilu,
sami kadosa bayining tiyang estri ingkang lair keluron ingkang boten ningali surya.
9 (58-10) Sadurunge kwali-kwalimu kena panasing eri,
kabeh kang isih seger dalasan kang wus geseng
padha kabengkas dening Pangeran.
10 (58-11) Wong mursid bakal padha bungah-bungah marga nyumurupi piwales,
sarta bakal ngwisuhi sikile kalawan getihe wong duraka.

11 (58-12) Lan wong bakal padha ngucap:
"Wong mursid iku nyata tampa pituwas,
satemene ana Allah kang maringi kaadilan
ana ing bumi."

MASMUR 59

Nyuwun pitulungan nglawan mungsuh

59:1-17 (59:1-18)

59 1 Kanggo lurah pasindhen.
Miturut lagu: Aja ngrusak. Miktam
anggitane Prabu Dawud, nalika Sang Prabu
Saul utusan ndingkik lan nyedani ana ing
daleme.
(59-2) Dhuh Allah kawula, kawula mugi
Paduka uwalaken saking mengsah
kawula,
Paduka mugi karsaa mbetengi kawula
tumrap ingkang sami nglawan kawula.
2 (59-3) Kawula mugi kauwalna saking tiyang
ingkang sami damel piawon,
kaluwarana saking tiyang ingkang sami
remen ngwutahaken rah.
3 (59-4) Amargi tiyang punika saestu sami
nyegat ngangkah dhateng nyawa
kawula,
tiyang prakosa sami nempuh kawula,
mangka kawula boten nerak wewaler, kawula
boten dosa, dhuh Yehuwah,
4 (59-5) kawula boten gadhah kalepatan,
kok sami mlajeng saha tata-tata.

Paduka mugi karsaa ngrawuhi kawula lan
karsaa nguningani!
5 (59-6) Dhuh Yehuwah, Gusti Allahipun
ingkang sarwa dumadi,
Paduka punika Gusti Allahipun Israel.
Paduka mugi karsaa wungu paring paukuman
dhateng para bangsa;
para tiyang ingkang sami nglampahi
piawon lan nandukaken kiyanat punika
sampun ngantos Paduka welasi! (Selah)
6 (59-7) Saben sonten sami wangsul malih,
sami mbaung kados segawon sarta
ngubengi kitha.
7 (59-8) Saestu, sami nyemoni kaliyan
cangkemipun;
panyenyamah dumunung ing lambenipun,
sabab -- sinten ingkang mirengaken?
8 (59-9) Nanging tiyang punika sami Paduka
gegujeng, dhuh Yehuwah,
sakathahing bangsa sami Paduka poyoki.
9 (59-10) Dhuh kakiyatan kawula, Paduka
ingkang kawula gondheli,
amargi Gusti Allah dados kitha beteng
kawula.
10 (59-11) Allahku bakal methuk aku kalawan
sih-kadarmane;
Gusti Allah bakal marakake aku bisa
ngremehake para satruku.
11 (59-12) Mugi sampun ngantos sami
Paduka pejahi, supados bangsa kawula
boten kesupen,
mugi Paduka damel sami kelunta-lunta
klayan pamisesa Paduka,

mugi sami Paduka rebahaken, dhuh
Pangeran, tetameng kawula.
12 (59-13) Ujaring lambenipun punika
dosaning cangkemipun,
sami kajireta margi saking piyangkuhipun.
Amargi ipat-ipat lan cidra ingkang dipun
cariyosaken.
13 (59-14) Mugi sami katumpesa kalayan
bebendu, katumpesa
ngantos sami sirna,
supados smi mangretosa, bilih Gusti Allah
ingkang misesani tedhak turunipun
Rama Yakub,
ngantos dumugi ing pungkasaning bumi.
(Selah)
14 (59-15) Saben wanci sonten sami dhateng
malih,
mbaung kados segawon sarta ngubengi
kitha.
15 (59-16) Sami nglambrang ngupados
tedha,
manawi boten tuwuk, lajeng sami
nggereng.
16 (59-17) Nanging kawula badhe
ngidungaken kakiyatan Paduka,
ing wanci enjing kawula badhe asurak-
surak margi saking sih-kadarman
Paduka;
amargi Paduka punika sampun dados kitha
beteng kawula,
papan pangungsen kawula ing salebeting
karupekan kawula.

17 (59-18) Dhuh Karosan kawula, Paduka
badhe kawula kidungaken klayan kidung
masmur;
amargi Gusti Allah punika dados kitha
beteng kawula,
Gusti Allah kawula ingkang asih-darma.

MASMUR 60

Pandonga nyuwun kaunggulan

60:1-12 (60:1-14)

60 1 Kanggo lurah pasindhen.
Miturut lagu: Kembang bakung
paseksen. Miktam anggitane Prabu Dawud
kanggo piwulang, (60-2) nalika perang karo
bala Aram-Mesopotamia lan wong Aram-Zoba,
sarta sawuse Senapati Yoab bali saka nggecak
bala Edom ana ing lebak Asin ngesorake
mungsuh kehe rolas ewu.
(60-3) Dhuh Allah, kawula sampun sami
Paduka tampik, beteng kawula sampun
Paduka bedhah;
Paduka duka; Paduka mugi karsaa
ndandosi kawula!
2 (60-4) Bumi sampun Paduka gonjingaken
saha Paduka belah;
ingkang pecah mugi Paduka pulihaken
malih,
awit bumi sampun gonjing.
3 (60-5) Umat Paduka sampun paduka damel
rekaos sanget,

kawula sampun sami Paduka ombeni
anggur ingkang mendemi.
4 (60-6) Paduka sampun maringi umbul-
umbul dhumateng tiyang-tiyang ingkang
ngabekti dhumateng Paduka,
minangka pratandha supados amping-
amping ngoncati panah. (Selah)
5 (60-7) Supados para ingkang Paduka kasihi
saged oncat,
Paduka mugi karsaa paring pangluwaran
klayan asta Paduka tengen saha kawula
mugi sami kaparingana wangsulan!
6 (60-8) Gusti Allah sampun ngandika wonten
ing dalem pasucenipun:
“Ingsun karsa suka-suka parisuka, tanah
Sikhem bakal Sunbagi,
sarta lebak Sukot bakal Sunukur.
7 (60-9) Gilead iku kagunganingSun,
Manasye iku kagunganingSun,
Efraim iku tetoponging mustakaningSun,
Yahuda iku jungkating kepraboningSun;
8 (60-10) Moab iku papan pawijikaningSun,
Edom Sunbalang kalawan trumpahingSun,
marga saka Filisti Ingsun asurak-surak.”
9 (60-11) Sapa kang bakal ngirid aku lumebu
ing kutha kang santosa?
Sapa kang nuntun aku menyang ing tanah
Edom?
10 (60-12) Punapa sanes Paduka dhuh Allah,
ingkang sampun nampik kawula,
sarta boten majeng, dhuh Allah, sareng
kalayan bala kawula?

11 (60-13) Dhuh Gusti Allah, Paduka mugi
karsaa paring pitulungan dhumateng
kawula sadaya nglawan mengsah,
amargi pitulunganing manungsa punika
muspra.
12 (60-14) Manawa kinanthi ing Allah kita
bakal nindakake kaprawiran,
awit Pangeran piyambak bakal ngiles-iles
sakehing mungsuh kita.

MASMUR 61

Pandonga kagem Sang Prabu

61:1-8 (61:1-9)

61 1 Kanggo lurah pasindhen.
Binarung swaraning clempung.
Anggitane Prabu Dawud.
(61-2) Dhuh Allah, mugi karsaa
miyarsakaken pasambat kawula,
pandonga kawula mugi katilingna!
2 (61-3) Saking pungkasaning bumi kawula
nyebut asma Paduka,
amargi manah kawula lesu nglentrih,
Paduka mugi karsaa nuntun kawula
minggah ing redi parang ingkang
kinggilen tumrap kawula.
3 (61-4) Paduka punika saestu dados papan
pangayoman kawula,
menara ingkang santosa wonten ing
ngajenging mengsah.

4 (61-5) Kawula mugi Paduka parengaken
manggen wonten ing kemah Paduka ing
salami-laminipun,
sarta ngayom wonten ing aubing swiwi
Paduka! (Selah)
5 (61-6) Dhuh Allah, Paduka saestu sampun
midhangetaken nadar kawula,
sampun nyembadani panyuwunipun para
tiyang ingkang ngabekti dhumateng
Paduka.
6 (61-7) Paduka mugi karsaa mewahi
yuswanipun Sang Prabu,
taun-taun sugengipun sageda ngantos
turun-tumurun.
7 (61-8) Mugi anggenipun jumeneng ratu
wonten ing ngarsanipun Gusti Allah
saged lestantun ing salami-laminipun,
sih-kadarman tuwin kasetyan
Paduka kadhawuhana ngreksa
panjenenganipun.
8 (61-9) Kawula badhe ngidungaken asma
Paduka klayan masmur ing salaminipun,
saha ngluwari nadar kawula ing
sadinten-dintenipun.

MASMUR 62

Rasa ayem marga cedhak karo Gusti Allah

62:1-12 (62:1-13)

62 1 Kanggo lurah pasindhen.
Miturut: Yedutun. Masmur anggitane
Prabu Dawud.

(62-2) Amung yen cedhak karo Gusti Allah
aku ngrasa ayem,
kaslametanku iku saka ing Panjenengane.
2 (62-3) Mung Panjenengane kang dadi
peparang lan kaslametanku,
kutha betengku, aku ora bakal gloyoran.
3 (62-4) Sapira suwene anggonmu padha
arep ngroyok sawijining wong,
arep kokremuk, he kowe kabeh,
kaya tembok kang dhoyong utawa tembok
kang arep rubuh?
4 (62-5) Sedyane mung arep njorogake
wong mau saka ing kalungguhane kang
dhuwur,
padha dhemen goroh,
cangkeme padha ngucapake berkah,
nanging batine padha ngipat-ipati. (Selah)
5 (62-6) Kantentremanku mung ana ing Gusti
Allah,
amarga kang dakarep-arep iku pinangkane
saka ing Panjenengane.
6 (62-7) Mung Panjenengane kang dadi
peparang lan kaslametanku,
kutha betengku, aku ora bakal gloyoran.
7 (62-8) Ana ing Gusti Allah dununging
kaslametan lan kamulyanku;
peparangku lan kasantosanku, sarta
pangayomanku iku Gusti Allah.
8 (62-9) He umat, tansah padha kumandela
marang Panjenengane,
sarasaning atimu sokna ana ing ngarsane,
Gusti Allah iku pangayoman kita. (Selah)

9 (62-10) Satemene wong asor iku mung
angin,
para wong kang mulya iku mung
pagorohan;
yen kabobot ana ing timbangan njomplang
mandhuwur,
amarga luwih entheng katimbang angin.
10 (62-11) Aja ngandel marang panindhesan,
aja nduweni pangarep-arep kang tanpa isi
marang barang rayahan;
manawa mundhak bandhamu,
atimu aja rumaket mrono.
11 (62-12) Gusti Allah ngandika sapisan,
rong prakara kang dakrungu,
manawa panguwasa iku pinangkane saka
Gusti Allah,
12 (62-13) saha, Pangeran, sih-kadarman
punika ugi saking Paduka;
amargi Paduka paring piwales dhateng
saben tiyang miturut pandamelipun.

MASMUR 63

Kangen marang Gusti Allah

63:1-11 (63:1-12)

63 1 Masmur anggitane Prabu Dawud,
nalika ana ing pasamunan Yahuda.
(63-2) Dhuh Allah, Paduka punika Allah
kawula, kawula ngupadosi Paduka,
nyawa kawula ngorong dhumateng
Paduka;
daging kawula kangen dhumateng Paduka;

kados siti ingkang garing lan gundhul,
kasatan toya.
2 (63-3) Kados makaten anggen kawula
tumenga dhumateng Paduka wonten ing
pasucen,
kalayan nyawang dhateng karosan saha
kamulyan Paduka.
3 (63-4) Amargi sih-kadarman Paduka
langkung sae tinimbang gesang;
lambe kawula badhe memuji asma Paduka.
4 (63-5) Inggih makaten punika anggen
kawula badhe ngluhuraken Paduka ing
salaminipun kawula gesang,
ngulukakaken tangan kawula margi saking
asma Paduka.
5 (63-6) Nyawa kawula kados katuwukan ing
gajih saha sungsum,
kalayan lambe ingkang asurak-surak
cangkem kawula ngaturaken pamuji.
6 (63-7) Manawi kawula wonten ing patileman
kengetan dhumateng Paduka,
sadalu muput anggen kawula semedi
dhumateng Paduka,
7 (63-8) sayektosipun Paduka sampun dados
pitulungan kawula,
saha kawula saged surak-surak wonten ing
aubing swiwi Paduka.
8 (63-9) Nyawa kawula rumaket dhumateng
Paduka,
sarta asta tengen Paduka nyepengi
kawula.
9 (63-10) Nanging tiyang ingkang sami
ngangkah dhateng nyawa kawula,

sami dhawah ing telenging bumi;
10 (63-11) sami badhe kaulungaken dhateng ing pangwaosing pedhang
tuwin badhe dados mangsanipun segawon ajag.
11 (63-12) Nanging Sang Prabu badhe suka-suka, amargi saking Gusti Allah;
sok tiyanga ingkang supaos demi Gusti Allah, badhe nglairaken panggunggung
amargi sadaya tiyang cidra sami kabungkem cangkemipun.

MASMUR 64

Paukumane Gusti Allah marang wong duraka

64:1-10 (64:1-11)

64 1 Kanggo lurah pasindhen.
Masmur anggitane Prabu Dawud.
(64-2) Dhuh Allah, Paduka mugi karsaa miyarsakaken swaraning pasambat kawula,
nyawa kawula mugi Paduka reksa manawi wonten satru ingkang nggegirisi.
2 (64-3) Kawula mugi Paduka aling-alingi manawi wonten tiyang awon ingkang sami sekuthon,
tuwin reresah ingkang dipun wontenaken dening para tiyang ingkang tumindak duraka,
3 (64-4) ingkang nglandhepaken ilatipun kados pedhang,

sarta ingkang ngeculaken tembung sengak
kados panah,
4 (64-5) ingkang kalepasaken dhateng tiyang
mursid saking ing pasingidan,
dumadakan panahipun katamakaken
tanpa ringa-ringa.
5 (64-6) Sami nekad nindakaken duraka,
sami sarembag masang kala ing
pasingidan,
sarta ngucap: “Sapa kang weruh?”
6 (64-7) Sami ngangen-angen tindak culika:
“Aku wis padha rumanti, rancangane wis
mateng.”
Saiba lebetipn batos saha manahipun
tiyang punika!
7 (64-8) Nanging Gusti Allah nglepasi panah
dhumateng tiyang-tiyang punika;
dumadakan sami ketaton.
8 (64-9) Padha ditibakake dening Gusti Allah
marga saka ilate dhewe;
sakehing wong kang nyawang padha
gedheg-gedheg.
9 (64-10) Wong kabeh padha wedi lan banjur
nyaritakake pakaryaning Allah,
kanthi ngakoni pandamele.
10 (64-11) Wong mursid bakal padha bungah,
marga pangrehe Sang Yehuwah,
sarta ngayom marang Panjenengane;
sakehing wong kang jujur bakal padha
ngalembana.

MASMUR 65

Kidung panuwun awit saka berkahe Gusti Allah

65:1-13 (65:1-14)

65 1 Kanggo lurah pasindhen.
Masmur anggitane Prabu Dawud.
Kidungan.
(65-2) Dhuh Allah, pepujian punika kagem
Paduka wonten ing Sion,
sarta tiyang ngluwari nadar wonten ing
ngarsa Paduka.
2 (65-3) Paduka ingkang midhangetaken
pandonga.
Sadaya ingkang gesang sowan wonten ing
ngarsa Paduka
3 (65-4) amargi kalepatan.
Manawi panerak kawula nglangkungi
kakiyatan kawula,
Paduka ingkang nglebur.
4 (65-5) Rahayu tiyang ingkang Paduka pilih
sarta Paduka dhawuhi nyelak,
supados manggen wonten ing plataran
Paduka!
Kawula sami katuwukan ing kaendahanipun
padaleman Paduka,
inggih kadhaton Paduka ingkang suci.
5 (65-6) Dhuh Allah Pamarta kawula,
Paduka ingkang dados andel-andelipun
salumahing bumi,
dalasan pulo ingkang tebih-tebih;

kalayan pandamel ingkang ngedab-edabi
sanget
saha kalayan kaadilan anggen Paduka
paring wangsulan dhumateng kawula.
6 (65-7) Paduka ingkang njejegaken
sakathahing redi mawi kakiyatan
Paduka,
Paduka ingkang apaningset karosan;
7 (65-8) Paduka ingkang nyirep gumuruhipun
saganten,
sarta jumlegeripun alun, punapadene
gegeripun para bangsa!
8 (65-9) Awit saking punika tiyang-tiyang
ingkang manggen ing poncot-
poncoting bumi sami ajrih dhateng
pratandha-pratandha kaelokan Paduka;
papan jumedhulipun enjing tuwin sonten,
Paduka damel asurak-surak.
9 (65-10) Paduka nuweni bumi saha Paduka
paringi kaluberan,
kalenipun Gusti Allah peres toyanipun,
gandumipun Paduka cawisaken,
inggih makaten punika anggen Paduka
nyawisaken sadaya-sadayanipun:
10 (65-11) Aluranipun Paduka elebi toya,
prongkalanipun Paduka telesi,
Paduka dadosaken leleran kalayan deresing
jawah,
tetuwuhanipun Paduka berkahi.
11 (65-12) Taunipun Paduka makuthani
klayan kamirahan Paduka,
tipaking pada Paduka ngedalaken gajih.

12 (65-13) Pasiten ing ara-ara samun
tetes-tetes toyanipun,
pareden-pareden sami abingah-bingah,
13 (65-14) pangenan-pangenan sami kebak
menda gembel,
lebak-lebak sami kinemulan gandum,
samudayanipun sami asurak-surak saha
sami ngidung-ngidung.

MASMUR 66

Kidung pamuji sokur amarga Gusti Allah ngluwari bangsa Israel

66:1-20

66 1 Kanggo lurah pasindhen.
Kidung masmur.
He salumahing bumi, surak-suraka kagem
Gusti Allah!
2 Kamulyane asmane padha kidungna,
Panjenengane luhurna kalawan
pepujian!
3 Munjuka marang Gusti Allah: "Saiba
anggenipun nggegirisi sadaya pakaryan
Paduka punika;
amargi saking agunging panguwaos
Paduka,
mengsah Paduka temah sami teluk,
ngempek-empek dhumateng Paduka.
4 Sajagad sadaya sujud nyembah dhumateng
Paduka,
saha sami ngidungaken masmur konjuk
ing ngarsa Paduka,

tuwin ngidungaken masmur asma Paduka.”
(Selah)
5 Padha majua waspadakna pakaryane Gusti Allah;
ngebat-ebati kang ditandukake marang manungsa.
6 Segara diwalik dadi dharatan,
wong padha lumaku dharat nyabrang ing bengawan.
Awit saka iku kita padha sukarena marga saka Panjenengane,
7 kang mrentah kanthi santosa ing salawase,
kang mirsani para bangsa kalawan paningale.
Wong kang padha mbalela ora bisa gumunggung. (Selah)
8 He para bangsa, Gusti Allah kita padha saosana puji,
lan padha ngunjukna pepujian marang Panjenengane!
9 Panjenengane kang nguripi nyawa kita
sarta ora marengake manawa sikil kita padha gloyoran.
10 Amargi Paduka sampun ndadar kawula, dhuh Allah,
sampun Paduka besot kadosdene mbesot selaka.
11 Paduka sampun mbekta kawula lumebet ing jaring;
tuwin boyok kawula Paduka tumpangi momotan.

12 Paduka kendelaken kemawon tiyang-tiyang
ingkang sami ngicak-icak sirah kawula,
kawula sampun lumebet ing latu lan ing
toya;
nanging samangke kawula sampun Paduka
wedalaken temahan lajeng luwar.
13 Kawula badhe sowan lumebet ing
padaleman Paduka ngaturaken kurban
obaran,
saha ngluwari nadar kawula konjuk
dhumateng Paduka,
14 inggih punika nadar ingkang kawedal
saking lambe kawula,
sarta kaucapaken cangkem kawula, nalika
kawula nandhang sisah.
15 Kurban-kurban obaran warni kewan
leman ingkang badhe kawula aturaken
dhumateng Paduka,
kanthi kumeluning kurban menda-menda
jaler;
kawula badhe nyaosaken lembu
punapadene menda jaler. (Selah)
16 He kowe kabeh kang padha ngabekti
marang Gusti Allah padha ngrungokna,
aku arep nyritakake
apa kang katandukake Pangeran marang
aku.
17 Aku wus sesambat marang Panjenengane
kalayan cangkemku,
saiki aku ngidungake pepujian kalawan
ilatku.
18 Saupama ing atiku ana pangangen-angen
kang ala,

Pangeran mesthi ora karsa miyarsakake.
19 Nanging nyatane Gusti Allah wus miyarsakake,
sarta wus migatosake pandongaku kang dakucapake.
20 Pinujia Gusti Allah, kang ora nampik pandongaku
lan ora nyukengi sih-kadarmane marang aku.

MASMUR 67

Kidung panuwun marga sakehing berkah paringe Gusti Allah

67:1-7 (67:1-8)

67 1 Kanggo lurah pasindhen.
Binarung swaraning clempung.
Masmur. Kidungan.
(67-2) Gusti Allah muga paring sih-rahmat lan berkah marang kita,
Panjenengane muga karsaa nyunari kita kalawan wadanane, (Selah)
2 (67-3) supados margi Paduka kasumerepan wonten ing bumi,
saha karahayon peparing Paduka wonten ing satengahing bangsa sadaya.
3 (67-4) Dhuh Allah, para bangsa mugi sami ngucapa sokur dhumateng Paduka;
para bangsa mugi sami ngucap sokur dhumateng Paduka sadaya.
4 (67-5) Para suku bangsa mugi sami sukarenaa, tuwin surak-suraka,

amargi Paduka ngereh para bangsa kanthi adil,
lan para suku bangsa ing salumahing bumi sami Paduka tuntun. (Selah)
5 (67-6) Dhuh Allah, para bangsa mugi sami memujia dhumateng Paduka,
Paduka pinujia dening sadaya bangsa.
6 (67-7) Bumi wus menehake pametune,
Gusti Allah, Allah kita mberkahi kita.
7 (67-8) Gusti Allah mberkahi kita;
salumahing bumi muga ngabektia marang Panjenengane.

MASMUR 68

Arak-arakan kaunggulane Gusti Allah

68:1-35 (68:1-36)

68 1 Kanggo lurah pasindhen.
Masmur anggitane Prabu Dawud.
Kidungan.
(68-2) Allah jumeneng, mungsuhe padha buyar,
wong kang padha sengit marang Panjenengane larud saka ing ngarsane.
2 (68-3) Sami kados kukus kabur sirna,
kados lilin ajer wonten ing sangajenging latu,
makaten tumpesipun tiyang duraka wonten ing ngarsanipun Gusti Allah.
3 (68-4) Nanging para tiyang mursid sami bingah-bingah,

sami sumyak-sumyak wonten ing
ngarsanipun Gusti Allah,
sami gambira lan sukarena.
4 (68-5) Padha ngidunga kagem Gusti Allah,
asmane luhurna kalawan masmur,
gawea dalan kagem Panjenengane, kang
ngagem titihan kang nratas ing mega!
Asmane yaiku Yehuwah, bungah-bungaha
ana ing ngarsane!
5 (68-6) Ramane para bocah lola lan
pangayomane para randha,
iku Gusti Allah kang ana ing kadhatone
kang suci;
6 (68-7) wong kang kesepen sanak sadulur
padha diparingi papan panggonan,
wong tawanan padha diluwari, temah
padha rumangsa begja,
nanging wong mbalela padha andhok ana
ing tanah gundhul.
7 (68-8) Dhuh Allah, kala Paduka mangsah
perang wonten ing ngajengipun umat
Paduka,
nalika Paduka tindak ngambah ing
pasamunan, (Selah)
8 (68-9) bumi gonjang-ganjing, malah
langit nurunaken jawah wonten ing
ngarsanipun Gusti Allah;
redi Sinai hoyag wonten ing ngarsanipun
Gusti Allah, Allahipun Israel.
9 (68-10) Dhuh Allah, Paduka ngesokaken
jawah kalayan mirah;
siti kagungan Paduka ingkang garing
Paduka pulihaken,

10 (68-11) temah pepanthaning raja-kaya Paduka lajeng sami angsal panggenan wonten ing ngriku;
dhuh Allah, margi saking sih-kadarman Paduka,
Paduka maringi kabetahanipun tiyang ingkang katindhes.
11 (68-12) Pangeran paring pangandika;
wong kang padha nggawa kabar becik iku dadi wadya-bala kang gedhe.
12 (68-13) Para rajane wadya-bala kabeh padha lolos, padha keplajeng,
para wong wadon kang tunggu omah padha ngedum-edum barang jarahane.
13 (68-14) Kowe apa padha gelem leleyeh ana ing antarane kandhang-kandhang?
Swiwining manuk dara padha diselut selaka,
sarta elare kaselut ing emas kang mencorong.
14 (68-15) Nalika Kang Mahakawasa mbuyarake para raja ana ing kono,
gunung Zalmon banjur kaudanan ing salju.
15 (68-16) Gunung Basyan iku gunung kagungane Gusti Allah,
gunung Basyan iku gunung kang pucake akeh!
16 (68-17) He gunung-gunung kang pucake akeh, yagene kowe padha ewa mleroki gunung kang dikarsakake dening Gusti Allah dadi padalemane?
Lah Pangeran Yehuwah bakal dedalem ana ing kono ing salawase.

17 (68-18) Karetane Gusti Allah iku puluhan
ewu,
malah ewon kehe,
Pangeran wus tedhak saka ing gunung
Sinai lumebet ing padaleman suci.
18 (68-19) Paduka sampun sumengka
dhateng ing ngaluhur, mbandhangi para
tiyang tawanan;
Paduka nampeni pisungsung saking para
manungsa,
malah ugi saking para tiyang ingkang sami
mbalela
supados sami manggen wonten ing ngriku,
dhuh Sang Yehuwah Allah.
19 (68-20) Pinujia Pangeran!
Sadina-dina Panjenengane nanggel urip
kita.
Gusti Allah iku karahayon kita. (Selah)
20 (68-21) Gusti Allah iku tumrap kita Allah
kang paring karahayon,
Gusti Allah, Gustiku iku ngluwari kita saka
ing pati.
21 (68-22) Lah, Gusti Allah ngremuk
endhasing mungsuhe,
pathake wong kang dhiwut-dhiwut, kang
ndlarung ing sajroning kaluputane.
22 (68-23) Dhawuhe Pangeran mangkene:
"Bakal Sunbalekakake saka ing Basyan,
bakal Sungawa bali saka ing panggonan
kang jero,
23 (68-24) supaya sira ngwisuhi sikilira
kalawan getih,

sarta ilate asu-asunira uga padha oleh
panduman saka mungsuhira.”
24 (68-25) Dhuh Allah, tiyang sami ningali
tindak Paduka mawi arak-arakan,
arak-arakanipun Allah kawula, Raja kawula
dhateng ing pasucen.
25 (68-26) Tiyang ingkang sesindhenan
lumampah wonten ing ngajeng,
ingkang wonten ing wingkingipun para
ingkang sami ngungelaken clempung,
ingkang wonten ing tengah para prawan
ingkang sami nrebang.
26 (68-27) “Padha ngluhurna Gusti Allah
apepanthan,
yaiku Pangeran Yehuwah, he kowe kang
asalmu padha saka ing tuke Israel!”
27 (68-28) Kae Benyamin, kang wuragil, kang
lumaku ana ing ngarep dhewe,
para panggedhening Yahuda padha
gumrudug,
para panggedhening Zebulon, para
panggedhening Naftali.
28 (68-29) Dhuh Allah, Paduka mugi karsaa
ngempalaken kakiyatan Paduka,
dhuh Allah, Paduka mugi karsaa
ngatingalaken pangwaos Paduka,
Paduka ingkang sampun makarya kangge
kawula sadaya.
29 (68-30) Para raja sami ngaturaken
pisungsung dhumateng Paduka,
margi saking padaleman Paduka ing
Yerusalem.

30 (68-31) Paduka mugi karsaa ndukani satokewan ing glagahan,
golonganing tiyang rosa saha para pangagenging bangsa!
Ingkang sami remen dhateng selaka, mugi Paduka iles-iles,
ingkang sami remen perang, mugi Paduka buyaraken!
31 (68-32) Wong padha nggawa barang tembaga saka Mesir,
wong Etiopia enggal-enggal padha ngegarake tangane ana ing ngarsaning Allah.
32 (68-33) He sakehing karajan ing salumahing bumi, padha ngengidunga kagem Gusti Allah,
padha ngidunga masmur kagem Pangeran; (Selah)
33 (68-34) kagem Panjenengane kang nitih kareta miyos ing langit kang saka ing kuna mula.
Padha nggatekna, Panjenengane ngedalake swarane,
swarane kang nggegirisi!
34 (68-35) Padha ngakonana pangwasaning Allah;
kaluhurane ngayomi Israel, pangwaose ana ing mega-mega.
35 (68-36) Gusti Allah iku nggegirisi ana ing padalemane kang suci,
Gusti Allahe Israel, Panjenengane ngganjar pangwasa lan kekuwatan marang umate.

Pinujia Gusti Allah!

MASMUR 69

Pandonga ing sajroning karubedan

69:1-36 (69:1-37)

69 1 Kanggo lurah pasindhen.
Miturut lagu: Kembang bakung. Saka
Sang Prabu Dawud.
(69-2) Dhuh Allah, kawula mugi Paduka
pitulungi,
awit toyanipun sampun minggah dumugi
ing gulu kawula.
2 (69-3) Kawula ambles ing rawa ingkang
lebet,
boten wonten papan kangge pancadan;
kawula sampun klelep wonten ing toya
ingkang lebet,
alun ageng ngentiraken kawula.
3 (69-4) Kawula lesah margi saking anggen
kawula sesambat, telak kawula garing;
mripat kawula pedhes margi saking anggen
kawula ngantos-antos dhumateng Gusti
Allah kawula.
4 (69-5) Tiyang ingkang nyengiti kawula
tanpa sabab langkung kathah katimbang
rambut kawula,
kathah sanget cacahipun tiyang ingkang
ngangkah badhe ngrisak kawula,
ingkang nyatur kawula tanpa sabab;
kawula dipun peksa nglintoni barang ingkang
boten kawula rayah.

5 (69-6) Dhuh Allah, Paduka mirsa menggah bodho kawula,
kalepatan-kalepatan kawula Paduka boten kekilapan.
6 (69-7) Dhuh, Pangeran, Allahing sarwa tumitah,
para tiyang ingkang ngantos-antos dhumateng Paduka,
mugi sampun ngantos nandhang wirang margi saking kawula.
Dhuh Allahipun Israel, tiyang ingkang ngupadosi Paduka,
sampun ngantos dados cacadan margi saking kawula.
7 (69-8) Margi saking Paduka kawula tampi pamada,
rai kawula kebak cacad.
8 (69-9) Kawula dipun emohi sadherek-sadherek kawula,
anak-anakipun embok kawula sami nganggep kawula tiyang sanes,
9 (69-10) margi anggen kawula ngandhemi padaleman Paduka punika nggesengaken kawula,
sarta tembung-tembung panacad dhumateng Paduka sampun namani kawula.
10 (69-11) Kawula ngrisak badan kawula sarana siyam,
nanging punika ugi dados cacad tumrap kawula;
11 (69-12) kawula mangangge bagor,
lajeng dados pocapanipun.

12 (69-13) Kawula tansah dados rembagipun
tiyang-tiyang ingkang sami linggih ing
korining gapura,
kawula dipun nyanyekaken dening tiyang
ingkang sami remen ngombe inuman
keras kalayan ngungelaken clempung.
13 (69-14) Nanging kawula, kawula ndedonga
dhumateng Paduka,
dhuh Yehuwah,
ing wekdal Paduka karenan ing panggalih,
dhuh Allah;
demi sih-piwelas Paduka ingkang agung,
paduka mugi karsaa paring wangsulan
dhumateng kawula,
kanthi pitulungan Paduka ingkang setya!
14 (69-15) Kawula mugi Paduka entasaken
saking ing endhutan,
sampun ngantos kleleb,
kawula mugi kaluwarana saking tiyang-tiyang
ingkang sami sengit dhumateng kawula,
sarta saking toya ingkang lebet.
15 (69-16) Ombaking toya sampun ngantos
ngentiraken kawula,
sampun ngantos kawula kauntal ing
teleng,
saha sumur sampun ngantos ngingkemi
kawula.
16 (69-17) Dhuh Yehuwah, paduka mugi
karsaa paring wangsulan dhumateng
kawula,
awit sih-piwelas Paduka punika pinunjul,
Paduka mugi karsaa mirsani kawula

salaras kaliyan sih-rahmat Paduka ingkang
ageng.
17 (69-18) Sampun ngantos nyingidaken
wadana Paduka saking abdi Paduka,
amargi kawula karupekan; mugi enggal
karsaa paring wangsulan dhumateng
kawula!
18 (69-19) Mugi karsaa ngrawuhi kawula
saha nebus kawula.
Kawula mugi Paduka luwari margi saking
satru-satru kawula.
19 (69-20) Paduka nupiksani cacad kawula,
kawirangan kawula saha kanisthan kawula.
Paduka boten kekilapan dhateng mengsah
kawula.
20 (69-21) Manah kawula rempu margi saking
panyamah,
telah pangajeng-ajeng kawula;
kawula ngajeng-ajeng sih-piwelas, nanging
tanpa gina,
sarta ngajeng-ajeng dhateng panglipur,
nanging boten pinanggih.
21 (69-22) Malah kawula dipun tedhani racun,
sarta nalika kawula ngelak, dipun sukani
anggur kecut.
22 (69-23) Pekembulanipun tiyang-tiyang
punika dadosa jiret wonten ing
ngajengipun,
lan kendhurenipun dadosa kala.
23 (69-24) Mripatipun sami dadosa peteng,
ngantos boten saged ningali;
sarta bangkekanipun dadosa lelah-leloh!

24 (69-25) Paduka mugi karsaa ngebyuki ing
bebendu tiyang-tiyang punika,
sarta ketamana ing mulad-mulading
deduka Paduka.
25 (69-26) Pemahanipun dadosa suwung,
kemah-kemahipun sampun ngantos
wonten ing ngenggeni.
26 (69-27) Amargi sami nguya-uya tiyang
ingkang Paduka gebagi,
sami ngindhaki sakitipun tiyang ingkang
sami Paduka tatoni.
27 (69-28) Durakanipun tiyang-tiyang punika
mugi Paduka wewahi,
sampun ngantos sami manggih kaleresan
wonten ing ngarsa Paduka!
28 (69-29) Mugi kacoreka saking kitabing
gesang,
sampun ngantos kecathet nunggil kaliyan
tiyang ingkang sampurna!
29 (69-30) Nanging kawula punika katindhes
lan sinangsara,
dhuh Allah, karahayon peparing Paduka
mugi ngayomi kawula!
30 (69-31) Asmane Allah bakal dakpuji
kalawan kekidungan,
sarta Panjenengane dakluhurake kanthi
kidung panuwun.
31 (69-32) Ana ing paningaling Allah iku luwih
becik katimbang sapi lanang,
ngluwihi sapi lanang kang wus ana
sungune lan atracak belah.
32 (69-33) Delengen, he wong kang andhap-
asor lan padha bungah-bungaha,

he wong kang padha ngupaya marang
Allah, cikben atimu girang maneh!
33 (69-34) Amarga Pangeran Yehuwah
miyarsakake marang wong kang padha
mlarat,
lan ora nyepelekake marang umate kang
dadi tahanan.
34 (69-35) Panjenengane muga linuhurna
dening langit lan bumi,
sarta segara dalah kang molah ana ing
jerone.
35 (69-36) Amarga Gusti Allah bakal mitulungi
Sion,
sarta mbangun kutha-kutha ing Yahuda,
supaya dienggoni para umate lan dadia
darbeke.
36 (69-37) Para anak-putune abdine bakal
padha tampa warisan iku,
sarta wong kang tresna marang asmane
bakal padha manggon ana ing kono.

MASMUR 70

Pandonga nyuwun pitulungan

70:1-5 (70:1-6)

70 1 Kanggo lurah pasindhen.
Anggitane Sang Prabu Dawud, nalika
nyaosake kurban pengetan.
(70-2) Dhuh Allah, mugi enggal karsaa
ngluwari kawula,
dhuh Yehuwah, mugi karsaa mitulungi
kawula!

2 (70-3) Tiyang ingkang ngangkah njabut nyawa kawula,
mugi sami kawirangna saha klicutan;
ingkang ngangkah damel bilai kawula,
mugi sami kaundurna saha nandhanga wirang;
3 (70-4) kajengipun mundur margi isin,
ingkang sami mungel: "Sokur, sokur!"
4 (70-5) Tiyang ingkang sami ngupadosi Paduka,
sami bingah-bingaha lan sukarenaa sadaya;
ingkang nresnani karahayon peparing Paduka,
tansaha ngucap makaten: "Gusti Allah iku agung!"
5 (70-6) Kawula punika sangsara lan mlarat, dhuh Allah,
mugi karsaa enggal rawuh!
Paduka punika ingkang mitulungi saha ngluwari kawula;
dhuh Yehuwah, mugi sampun ngantos ngrandhataken rawuh Paduka!

MASMUR 71

Pandonga nyuwun pangayoman samangsa wus tuwa

71:1-24

71 1 Dhuh Yehuwah, kawula ngayom dhumateng Paduka,

kawula sampun ngantos kawirangan babar
pisan.
2 Paduka mugi karsaa ngluwari kawula sarta
mitulungi kawula,
amargi saking kaadilan Paduka,
Paduka mugi karsaa ngenglengaken
talingan Paduka dhumateng kawula!
3 Paduka mugi karsaa dados redi parang
tumrap kawula,
dados papan pangauban kawula, saha
beteng ingkang milujengaken kawula,
awit inggih Paduka punika ingkang dados
redi parang tuwin beteng kawula.
4 Dhuh Allah kawula, Paduka mugi karsaa
ngluwari kawula saking tanganipun
tiyang duraka,
saha cangkeremaning para tiyang ingkang
ambek-siya lan dakwenang.
5 Sabab, dhuh Pangeran inggih Paduka
punika ingkang dados pangajeng-ajeng
kawula,
andel-andel kawula wiwit alit mila, dhuh
Yehuwah.
6 Kawula sumendhe dhumateng Paduka wiwit
wonten ing kandhutan,
Paduka ingkang ngedalaken kawula saking
kandhutaning biyung kawula;
Paduka ingkang tansah kawula pepuji.
7 Kawula dados tandha ingkang ngeramaken
tumrap tiyang kathah,
amargi Paduka punika pangungsen kawula
ingkang santosa.

8 Cangkem kawula kebak pamuji dhumateng Paduka,
sadinten-dinten Paduka kawula luhuraken.
9 Samangsa kawula sampun sepuh, mugi sampun ngantos Paduka tampik,
sampun ngantos nilar kawula manawi kakiyatan kawula sampun telas.
10 Awit kawula dipun raosi dening para satru kawula,
tiyang ingkang sami ngangkah nyawa kawula sami sekuthon,
11 pangucapipun: "Wong kae wus ditegakake dening Gusti Allah,
padha oyaken, nganti kecekel, awit ora ana kang mitulungi!"
12 Dhuh Allah, Paduka sampun ngantos tebih saking kawula,
dhuh Allah kawula, Paduka mugi enggal-enggal karsa mitulungi kawula!
13 Tiyang ingkang sami nyatru nyawa kawula mugi samia kawirangan lan sami tumpesa;
ingkang ngangkah cilaka kawula mugi karobana ing kanisthan lan kawirangan!
14 Nanging kawula badhe ngantepi ing pangajeng-ajeng,
saha mindhak-mindhak anggen kawula ngluhuraken Paduka;
15 cangkem kawula badhe nyariyosaken kaadilan Paduka,
saha karahayon peparing Paduka ing sadinten-dinten,

amargi kawula boten saged ngetang
kathahipun.
16 Kawula badhe dhateng kanthi
kaprawiranipun Gusti Allah,
saha namung badhe ngundhangaken
kaadilan Paduka.
17 Dhuh Allah, wiwit alit mila kawula sampun
Paduka wulang,
lan ngantos dumugi sapunika kawula
tansah nggelaraken pakaryan Paduka
ingkang ngedab-edabi;
18 dhuh Allah, ngantosa kawula sepuh sarta
uwanen,
kawula mugi sampun ngantos Paduka tilar,
supados kawula saged nyriyosaken
pangwaos Paduka dhumateng para
turun samangke,
sarta kasantosan Paduka dhateng
sakathahipun tiyang ingkang badhe
dhateng.
19 Kaadilan Paduka punika sundhul ing langit,
dhuh Allah,
Paduka ingkang sampun nindakaken
prakawis-prakawis ingkang ageng,
dhuh Allah, sinten ingkang kados Paduka?
20 Paduka ingkang murugaken kawula
ketaman ing karibedan tuwin
kasangsaran kathah,
inggih badhe nggesangaken kawula malih,
saha ngentasaken kawula saking telenging
bumi.
21 Paduka badhe mewahi kaluhuran kawula,
sarta paring panglipur malih.

22 Kawula inggih badhe nyaosaken
kekidungan pamuji-sokur dhumateng
Paduka kanthi swaraning slukat,
margi saking kasetyan Paduka, dhuh Allah
kawula.
Paduka badhe kawula kidungaken masmur
kanthi swaraning clempung,
dhuh Ingkang Mahasuci, Gusti Allahipun
Israel.
23 Lambe kawula surak-surak ngidung
masmur kagem Paduka,
ugi nyawa kawula ingkang sampun Paduka
luwari.
24 Ilat kawula ugi badhe martosaken kaadilan
Paduka ing sadinten-dinten,
amargi tiyang ingkang ngangkah bilai
kawula,
sami badhe kawirangan lan klicutan.

MASMUR 72

Donga pangajap tumrap Sang Prabu

72:1-20

72 1 Saka Prabu Suleman.
Dhuh Allah, Sang Prabu mugi Paduka
paringi angger-angger Paduka,
sarta kaadilan Paduka dhateng Sang
Raja-putra!
2 Sageda panjenenganipun ngereh para umat
Paduka klayan adil,
saha para kawula Paduka ingkang
katindhes, kalayan angger-angger!

3 Redi-redi sami nuwuhna tentrem-rahayu
dhumateng bangsa,
sarta tengger-tengger ngangsalna
kaleresan!
4 Panjenenganipun mugi karsaa paring
kaadilan dhumateng para tiyang ingkang
katindhes, panunggilanipun bangsa
punika,
para tiyang mlarat sami kapitulungana,
nanging ingkang nganiaya mugi sami
karemuka!
5 Mugi yuswanipun pinanjangna salaminipun
wonten surya,
ngantos turun-tumurun, salaminipun
wonten rembulan!
6 Panjenenganipun mugi kadosa jawah
ingkang dhumawah ing ara-ara
parumputan,
sarta kados deresing jawah ingkang
nyirami bumi!
7 Ing jaman sugengipun kaadilan mugi saged
mekar,
sarta tentrem rahayu sageda luber,
ngantos rembulan sampun boten
wonten malih.
8 Panjenenganipun mugi ngastaa pangwaos
wiwit saking saganten dumugi saganten,
tuwin saking bengawan Efrat ngantos
dumugi ing pungkasanipun bumi.
9 Para ingkang manggen ing ara-ara samun
sami sujuda wonten ing ngarsanipun,
sarta para mengsahipun sami ndilata lebu;

10 para raja ing Tarsis kaliyan ing pulo-pulo
sami nyaosana pisungsung,
para ratu ing Syeba lan ing Seba sami
saosa bulu-bekti!
11 Sakathahipun para raja mugi sami sujud
lan nyembah dhateng panjenenganipun,
sarta sakathahipun bangsa sami dadosa
abdinipun!
12 Sabab panjenenganipun badhe ngluwari
para tiyang mlarat ingkang sami
sesambat nyuwun tulung,
tiyang ingkang katindhes, saha tiyang
ingkang boten wonten ingkang
mitulungi;
13 panjenenganipun badhe ngeman dhateng
tiyang ingkang ringkih saha tiyang
mlarat,
badhe ngentas nyawanipun tiyang mlarat.
14 Panjenenganipun badhe nebus nyawanipun
saking panindhes tuwin panganiaya,
rahipun dipun anggep adi wonten ing
paningalipun.
15 Mugi sugenga Sang Prabu! Mugi kasaosana
pisungsung mas wedalan ing tanah
Syeba!
Mugi tansah kadongakna,
saha ing sadinten-dinten mugi kaparingana
berkah!
16 Nagari mugi kaluberana taneman gandum,
ingkang katingal ngombak-ombak wonten
ing pucaking pareden;
wohipun kajengipun mekar kados ing
Libanon,

wewulenipun samia mekar kados rumput
ing bumi.
17 Asmanipun lestantuna ing salami-
laminipun,
salaminipun wonten surya asmanipun
mugi saya kondhanga.
Sakathahipun bangsa mugi sami berkah-
binerkahana kanthi asmanipun,
lan mastanana panjenenganipun rahayu.
18 Pinujia Pangeran Yehuwah, Gusti Allahe
Israel,
Panjenengane kang nindakake kaelokan
piyambakan!
19 Sarta pinujia asmane kang mulya ing
salawas-lawase,
salumahing bumi kebaka ing kaluhurane.
Amin, Amin.
20 Tekan samene wus tamat pandongane
Prabu Dawud, putrane Rama Isai.

Jilid III: MASMUR 73--89

Perang sajroning batin lan pangarep-arep

73:1-28

73 1 Masmur anggitane Asaf.
Satemene Gusti Allah iku becik tumrap
para wong kang mulus atine,
lan kang resik atine.
2 Nanging aku, kurang sathithik bae sikilku
keplesed,
aku meh keplesed.

3 Amarga panas atiku marang para wong kang gumunggung,
manawa aku meruhi kabegjane wong duraka.
4 Awit iku ora padha nandhang lara,
awake waras lan lemu;
5 ora padha ngrasakake susahing manungsa,
lan ora padha kena ing bebendu kaya wong liyane.
6 Mulane padha akalung piangkuh,
tuwin panganggone arupa panganiaya.
7 Amarga saka lemune, kaluputane katon ngegla,
atine mbludag ing pandakwa.
8 Padha nyemoni lan muni-muni kanthi patrap kang ala,
bab panganiaya padha dirembug kalawan gumunggung.
9 Padha ngangapake cangkeme nglawan marang langit,
lan ilate ngumukake awake ana ing bumi.
10 Marga saka iku wong padha bali marani dheweke kabeh,
katone kaya banyu kang kimplah-kimplah.
11 Sarta pangucape: “Kapriye Gusti Allah anggone mirsa bab iku,
apa Kang Mahaluhur iku kadunungan kawruh?”
12 Lah kaya mangkono iku kaanane para wong duraka:
padha golek undhaking barang-darbeke sarta seneng-seneng ing salawase!

13 Rak tanpa guna anggonku njaga resiking atiku,
sarta anggonku wisuh tangan, minangka tandhaning tanpa kaluputan.
14 Ewadene ing sadina muput anggonku kena ing bebendu,
sarta saben esuk ora sepi ing paukuman.
15 Saupami kawula wicanten: "Aku arep calathu mangkono,"
dados kawula sajatosipun cidra dhateng gelenganing para putra Paduka.
16 Nanging bareng aku duwe karep arep nyumurupi,
bab iku katon angel ana ing mripatku,
17 nganti aku lumebu marang pasucening Allah,
banjur nggatekakake wekasane para wong mau.
18 Inggih, tiyang punika sami Paduka papanaken wonten ing panggenan ingkang lunyu,
lajeng Paduka dhawahaken temah remuk.
19 Saestu sanget sangsaranipun ing sakedhap netra punika,
sami sirna, tumpes margi saking pagiris.
20 Sami kados impenipun tiyang satanginipun tilem, dhuh Pangeran,
samangsa tangi, rupinipun Paduka galih asor.
21 Nalika manah kawula sanget sisah,
saha ginjel kawula raosipun kados tinuwek-tuwek,

22 kawula rumaos bodho saha boten
mangretos,
kados kewan wonten ing ngarsa Paduka.
23 Nanging kawula lestantun celak kaliyan
Paduka;
Paduka nganthi tangan kawula tengen.
24 Margi saking pitedah Paduka, Paduka
tuntun,
sarta ing wekasanipun Paduka pulung
dhateng kamulyan.
25 Wonten ing swarga kawula nggadhahi
sinten malih kejawi Paduka?
Wonten ing bumi kawula boten melik
punapa-punapa kejawi Paduka.
26 Sanadyan daging lan manah kawula telas,
sirna,
ing salaminipun tetep Gusti Allah ingkang
dados peparang saha panduman kawula.
27 Awit sajatosipun sinten ingkang tebih
kaliyan Paduka,
punika sami badhe dhumawah ing
karisakan;
sadaya tiyang ingkang lampah jina kalayan
nilar Paduka
punika mesthi Paduka bengkas.
28 Nanging kawula, kawula remen celak
kaliyan Gusti Allah;
Pangeran Allah ingkang kawula anggep
dados pangayoman kawula,
supados kawula saged nyariyosaken
sakathahing pakaryanipun.

MASMUR 74

Kidung pangadhuh marga saka rusake Padaleman Suci

74:1-23

74 1 Kidung piwulang anggitane Asaf.
Dhuh Allah, punapa sababipun dene
Paduka mbucal kawula sadaya ing
salaminipun?
Punapa sababipun dene bebendu Paduka
ingkang mulad-mulad ndhawahi menda
ngen-ngenan Paduka?
2 Paduka mugi karsaa ngengeti umat Paduka
ingkang sampun Paduka pundhut wiwit
kala kina,
ingkang Paduka tebus dados bangsa
kagungan Paduka piyambak,
saha mugi karsaa ngengeti dhateng redi
Sion kadhaton Paduka!
3 Paduka mugi karsaa rawuh ing panggenan
ingkang kalajeng-lajeng risak punika;
sadaya-sadayanipun sampun kasirnakaken
dening mengsah wonten ing pasucen.
4 Satru Paduka sami mbaung wonten ing
dalem pamujan Paduka,
saha sampun ngedegaken benderanipun
kadamel tetenger.
5 Katingalipun kados tiyang ingkang ninggil
wadung ngantos inggil,
kaempakaken ing kekajengan ingkang
ketel,

6 lan sapunika ukir-ukiranipun
sami dipun dhawahi ing kampak tuwin
wadung sadaya;
7 padaleman Paduka ingkang suci dipun
besmi,
sarta papan padalemaning asma Paduka
dipun najisaken ngantos dumugi ing siti;
8 osiking manahipun makaten: “Apike padha
daktumpes kabeh wae!”
Lajeng dalem pamujan ing saindenging
nagari dipun besmeni sadaya.
9 Tetenger kawula boten wonten ingkang
katingal,
nabi inggih sampun boten wonten malih,
saha panunggilan kawula sadaya boten
wonten ingkang sumerep badhe ngantos
sapinten dangunipun malih.
10 Dhuh Allah badhe ngantos sapinten
dangunipun
anggenipun satru punika nyenyampahi,
saha mengsah anggenipun ngawon-awon
asma Paduka tanpa kendel punika?
11 Punapaa dene Paduka narik wangsul asta
Paduka,
sarta numpangaken asta Paduka ingkang
tengen ing jaja?
12 Ewasamanten Paduka, dhuh Allah, dados
Ratu kawula wiwit jaman kina mila,
ingkang paring pangluwaran wonten ing
bumi.
13 Inggih Paduka punika ingkang miyak
saganten klayan kakiyatan Paduka,

ingkang ngremuki endhasipun naga-naga
wonten ing sanginggiling toya.
14 Paduka ingkang ngremuki endhasipun
Lewiyatan-lewiyatan,
Paduka pakakaken dhateng sato ing
pasamunan.
15 Paduka ingkang mbelah sumber saha
lepen;
Paduka ingkang ngesataken lepen-lepen
ingkang ajeg mili.
16 Rinten punika kagungan Paduka,
dalu punika ugi kagungan Paduka,
Paduka ingkang mrenahaken pepadhang
saha surya.
17 Paduka ingkang netepaken watesipun
bumi sadaya,
mangsa ketiga kaliyan mangsa rendheng
Paduka ingkang ngawontenaken.
18 Paduka mugi karsaa ngengeti punika:
mengsah memada, dhuh Yehuwah,
bangsa ingkang keblinger punika
ngawon-awon asma Paduka.
19 Nyawanipun peksi dara Paduka sampun
ngantos Paduka pakakaken dhateng
sato galak;
Paduka mugi sampun ngantos kelajeng-
lajeng kesupen dhateng nyawanipun
para tiyang kagungan Paduka,
ingkang katindhes!
20 Paduka mugi enget dhateng prajanjian
Paduka,
amargi papan-papan ingkang peteng ing
bumi punika kebak susuh panganiaya.

21 Tiyang ingkang siniya-siya sampun
ngantos wangsul kanthi wirang.
Tiyang ingkang kasangsaran sarta
tiyang ingkang mlarat supados sami
ngalembana dhateng asma Paduka.
22 Dhuh Allah, Paduka mugi karsaa jumeneng
sarta nindakaken pangadilan Paduka!
Mugi karsaa enget dhumateng
panacadipun para tiyang ingkang
kablinger dhumateng Paduka sadinten
muput punika.
23 Paduka mugi sampun ngantos kesupen
dhateng swaranipun satru Paduka,
saha bengok-bengokipun tiyang ingkang
sami mbalela dhumateng Paduka,
ingkang tanpa kendel, malah sangsaya
sora punika.

MASMUR 75

Gusti Allah, Hakim kang adil

75:1-10 (75:1-11)

75 1 Kanggo lurah pasindhen.
Miturut lagu: Aja ngrusak. Masmur
anggitane Asaf. Kekidungan.
(75-2) Kawula sami ngunjukaken pamuji
sokur dhumateng Paduka, dhuh Allah,
kawula sami ngunjukaken pamuji sokur,
tiyang-tiyang ingkang nyebut asma Paduka
sami nyariyosaken pakaryan Paduka
ingkang ngedab-edabi.

2 (75-3) “Manawa Ingsun nemtokake
wektune,
Ingsun piyambak kang bakal mancasi
kalawan adil.
3 (75-4) Bumi lan sakehing wong saisine
padha lebur;
Ingsun, iya Ingsun piyambak kang
njejegake cagak-cagake.” (Selah)
4 (75-5) Ingsun ngandika marang para
wong gumunggung: “Sira aja padha
gumunggung.”
Sarta marang para wong duraka: “Sira aja
padha masang sungu!
5 (75-6) Aja padha masang sungunira nganti
dhuwur,
lan aja calathu kalawan ndegeg!”
6 (75-7) Sabab kamulyan iku pinangkane ora
saka ing wetan utawa saka ing kulon,
lan iya ora saka ing pasamunan,
7 (75-8) nanging Gusti Allah iku kang
jumeneng Hakim:
nglorod wong kang siji, sarta njunjung
sijine.
8 (75-9) Astane Pangeran nyepeng tuwung isi
anggur kang munthuk,
kebak campuran bumbu;
Panjenengane banjur ngiling saka ing
kono;
lah ampase bakal disruput lan diombe
dening sakehing wong duraka ing bumi.
9 (75-10) Nanging aku bakal surak-surak ing
salawas-lawase,

Gusti Allahe Rama Yakub bakal dakpuji
kalawan masmur.
10 (75-11) Sakehing sungune para wong
duraka bakal diremuk,
nanging sungune wong mursid iku bakal
padha didhuwurake.

MASMUR 76

Gusti Allah, Hakime para bangsa

76:1-12 (76:1-13)

76 1 Kanggo lurah pasindhen. Binarung
ing swaraning clempung. Masmur
anggitane Asaf. Kekidungan.
(76-2) Gusti Allah iku kesuwur ana ing
Yahuda,
asmane kondhang ana ing Israel!
2 (76-3) Kemahe wus ana ing Salem,
sarta padalemane ana ing Sion!
3 (76-4) Ana ing kono Pangeran wus mutungi
panah kang kumilat,
tameng tuwin pedhang sarta piranti
perang. (Selah)
4 (76-5) Gumilaping cahya Paduka punika
kamulyanipun ngungkuli
pareden ingkang wonten wiwit kina
makina.
5 (76-6) Para wong kendel wus padha
kajarah-rayah,
padha ngantuk angles,
para prawira kabeh wus padha kaya koncatan
ing kakuwatane.

6 (76-7) Dhuh Allahipun Rama Yakub,
amargi saking bebendu Paduka,
kapal saha ingkang numpaki sami katileman.
7 (76-8) Paduka punika nggegirisi!
Sinten ingkang tahan wonten ing ngarsa Paduka
samangsa Paduka duka?
8 (76-9) Paduka ndhawahaken pancasaning pangadilan saking ing langit;
bumi ajrih saha kami-tenggengen,
9 (76-10) nalika Gusti Allah jumeneng ngasta pangadilan,
saha ngluwari sakathahipun tiyang ingkang katindhes wonten ing bumi. (Selah)
10 (76-11) Saestu para tiyang brangasan lajeng badhe sami caos sokur dhumateng asma Paduka,
kekantunaning tiyang brangasan sami Paduka kendhaleni.
11 (76-12) Padha ngucapna nadar banjur padha luwarana konjuk ing Yehuwah Allahmu!
Kabeh wong kang ana ing ngarsane Yehuwah,
kareben padha ngunjukake pisungsung marang Panjenengane kang diwedeni.
12 (76-13) Panjenengane kang nglemesake semangate para pemimpin,
Panjenengane kang nggegirisi tumrap para ratu ing bumi.

MASMUR 77

Pakaryane Gusti Allah kang wus kapungkur

77:1-20 (77:1-21)

77 1 Kanggo lurah pasindhen.
Miturut: Yedutun. Masmur anggitane
Asaf.
(77-2) Aku arep nyebut marang Gusti Allah
kalawan swara sora,
kalawan swara sora marang Gusti Allah,
supaya midhangetake marang aku.
2 (77-3) Ing dina karubedan aku ngupaya
Pangeran;
ing wayah bengi tanganku dakegarake,
lan ora banjur kesel,
nyawaku lumuh diarih-arih.
3 (77-4) Manawa aku ngangen-angen marang
Allah, banjur ngadhuh-adhuh,
manawa dakrasak-rasakake, nyawaku
saya lungkrah lesu. (Selah)
4 (77-5) Paduka damel mripat kawula tansah
kelop-kelop;
kawula semplah, temah boten saged
wicanten.
5 (77-6) Kawula manah-manah dhateng
lelampahan nalika jaman kina;
kawula kengetan taun-taun ingkang
sampun kapengker.
6 (77-7) Ing wanci dalu kawula ngenam-enam
salebeting manah,

kawula nggagas-nggagas tuwin nyawa
kawula nlusur-nlusur:
7 (77-8) “Pangeran apa iya nampik ing
salawase,
lan apa ora bakal paring sih-piwelas
maneh?
8 (77-9) Sih-susetyane apa wus sirna ing
sabanjure,
prasetyane apa wus tumeka ing
pungkasane nganti turun-tumurun?
9 (77-10) Gusti Allah apa wus kesupen
marang ing pangemane,
sih-piwelase apa kapunggel marga saka
bebendune?” (Selah)
10 (77-11) Ing kono pangucapku: “Iki kang
nuwek atiku,
dene astane tengen Kang Mahaluhur wis
owah!”
11 (77-12) Aku bakal ngeling-eling pakaryan-
pakaryane Pangeran Yehuwah,
inggih, kawula badhe ngengeti kaelokan
Paduka kala jaman kina.
12 (77-13) Kawula badhe nyebut sakathahing
pakaryan Paduka,
sarta badhe manah dhateng saliring
pandamel Paduka.
13 (77-14) Dhuh Allah, margi Paduka punika
suci!
Allah ingkang pundi ingkang agung kados
Allah kawula sadaya?
14 (77-15) Paduka punika Gusti Allah ingkang
nindakaken kaelokan;

Paduka sampun nglairaken pangwaos
Paduka wonten ing tengahipun para
bangsa.
15 (77-16) Umat Paduka, tedhak turunipun
Rama Yakub tuwin Rama Yusuf,
sampun Paduka tebus klayan asta Paduka.
(Selah)
16 (77-17) Dhuh Allah, toya-toya sampun
sami ningali Paduka,
toya-toya sampun sami ningali Paduka
saha sami gumeter,
malah samodra agung inggih ndhredheg.
17 (77-18) Mendhung nggrojogaken toya,
gumuruh swaraning mega mawarni-warni,
malah jemparing Paduka sami pating
clorot.
18 (77-19) Swaraning gludhug Paduka
gumledheg,
kilat-kilat sami madhangi jagad,
bumi geter saha gonjang-ganjing.
19 (77-20) Margi Paduka nglangkungi
saganten,
sarta lurung Paduka nglangkungi
nginggiling toya ingkang wiyar,
nanging tapak tilas Paduka boten katingal.
20 (77-21) Paduka sampun ngirid umat
Paduka kados nggiring menda apanthan,
lumantar Nabi Musa lan Imam Harun.

MASMUR 78

Piwulanging sejarah

78:1-72

78 1 Kidung piwulang anggitane Asaf.
Dhuh bangsaku, piwulangku padha rungokna,
pamicarane cangkemku padha tilingna.
2 Aku arep mbukak cangkemku prelu medharake bebasan,
aku arep ngucapake cangkriman jaman kuna,
3 Apa kang wus padha kita rungu, sarta kita sumurupi,
lan kang dicritakake dening para leluhur kita marang kita,
4 ora bakal daksidhem tumrap anak-putune;
nanging kita bakal nyaritakake marang para turun ing tembe
pepujian marang Pangeran Yehuwah lan kasantosane,
sarta kaelokan-kaelokan kang wus katindakake.
5 Pangeran wus ndhawuhake pepenget marang trahe Rama Yakub,
lan angger-anggering Toret marang Banisrael;
para leluhur kita padha kadhawuhan ngluntakake iku marang para anak putune,
6 supaya disumurupana dening para turune ing sapungkure,

supaya anak-putu kang ing tembe bakal padha lair,
padha gumregah lan nyaritakake marang anak-anake,
7 supaya padha kumandela marang Gusti Allah,
lan aja lali marang sakabehing pakaryane,
nanging padha netepana dhawuh-dhawuhe;
8 apadene aja padha kaya para leluhure,
kang padha wangkot lan mbalela,
jenis kang ora antepan
tuwin kang nyawane ora setya marang Gusti Allah.
9 Bani Efraim, prajurit panahan kang sikep gegaman ganep,
padha mundur nalika dinane perang.
10 Padha ora nggondheli prasetyaning Allah
sarta padha emoh lumaku manut ing Torete.
11 Padha lali marang pakaryane
lan kaelokan kang katindakake,
kang wus dikatingalake marang dheweke kabeh.
12 Gusti Allah wus nindakake kaelokan-kaelokan ana ing ngarepe para leluhure,
ana ing tanah Mesir, ana ing ara-ara Zoan;
13 segara dipiyak, para leluhur padha disabrangake;
banyune diadegake kaya bendungan,
14 ing wayah awan lakune para umat dituntun kalawan mega,

ing wayah bengi kalawan padhanging geni.
15 Gunung parang ing ara-ara samun dibengkah,
para leluhur mau tumuli padha diparingi banyu akeh
kaya saka ing samodra agung;
16 saka ing parang Gusti Allah mijilake kali,
grojoging banyune kaya bengawan.
17 Ewadene para leluhur mau ndlarung anggone gawe dosa marang Panjenengane,
yaiku anggone mbalela marang Kang Mahaluhur ana ing pasamunan.
18 Malah padha nyoba marang Gusti Allah ing sajroning atine
yaiku anggone nyuwun pangan kanggo nguja hawa-napsune.
19 Padha rasanan bab Gusti Allah mangkene:
"Allah apa iya kuwasa nyedhiyani pangan ana ing ara-ara samun?
20 Pancen Panjenengane nggebag parang satemah metu banyune
lan banjur ana kali-kali kang mili;
nanging apa iya kuwaos paring roti,
utawa nyawisi daging para umate?"
21 Iku kapiyarsa dening Pangeran Yehuwah, njalari dukane,
temahan ana geni kang mubal nempuh bani Yakub,
sarta bebendune nempuh Banisrael,
22 awit padha ora pracaya marang Gusti Allah,

sarta ora padha kumandel marang
pitulungane.
23 Gusti Allah tumuli dhawuh marang
mega-mega ing dhuwur,
lan mbikak lawang-lawanging langit,
24 umate diudani mana minangka pangane,
sarta padha diparingi gandum saka ing
langit;
25 saben wong wus mangan roti malaekat;
padha dikirimi sangu pangan nganti
turah-turah.
26 Pangeran ngididake angin wetan ana ing
awang-awang
lan nggiring angin kidul kalawan
kakiyatane;
27 umate banjur diudani daging kehe kaya
bledug,
tuwin diudani manuk kang mawa swiwi
cacahe kaya wedhining segara;
28 padha katibakake ing satengahing
tarub-tarube,
ing sakubenging papan panggonane mau.
29 Tumuli padha mangan nganti wareg
banget;
Panjenengane maringi apa kang padha
dikarepake.
30 Nalika isih padha rumangsa durung wareg,
sarta pangane isih ana ing cangkeme;
31 Gusti Allah banjur duka marang
wong-wong iku,
gembong-gembonge padha dipateni,
lan para nonomane Israel padha
disirnakake.

32 Sanadyan mangkono, para leluhur mau iya
isih bae anggone padha nglakoni dosa,
sarta ora pracaya marang sakehing
pakaryane Allah kang ngedab-edabi.
33 Mulane dina-dinane kadamel sirna tanpa
tanja,
sarta taun-taune padha sirna sajroning
pagiris.
34 Bareng padha dipateni banjur padha
nakokake marang Panjenengane,
padha mratobat sarta padha ngupaya
marang Gusti Allah;
35 padha kelingan, yen Gusti Allah iku
peparange,
lan Gusti Allah Kang Mahaluhur iku dadi
Juru Panebuse.
36 Nanging padha ngapusi Panjenengane
kalawan cangkeme
lan nggorohi Panjenengane kalawan ilate.
37 Atine ora mantep marang Panjenengane,
lan ora setya marang ing prajanjiane.
38 Tujune Panjenengane iku asipat welasan,
karsa ngapura kaluputane lan ora numpes
umate;
malah kerep ngampah bebendune,
sarta ora nggigah dedukane kabeh.
39 Panjenengane karsa ngengeti manawa
wong iku kabeh daging,
angin kang midid, kang ora bakal bali.
40 Ping pira bae para leluhur mau anggone
padha mbalela marang Panjenengane
ana ing ara-ara samun,

lan anggone padha gawe sekeling galihe
ana ing pasamunan!
41 Bola-bali anggone padha nyoba marang
Gusti Allah,
sarta anggone padha gawe gerahe
panggalihing Allah Israel Kang Mahasuci.
42 Padha ora eling marang pagwaose,
sarta marang dina nalika padha diluwari
saka ing tanganing mungsuh,
43 nalika Panjenengane nganakake
pratandha-pratandha ana ing tanah
Mesir,
sarta mukjijat-mukjijat ana ing ara-ara
Zoan.
44 Kali-kaline lan ilen-ilene padha
disabdakake dadi getih,
temahan banyune ora kena diombe;
45 ndhatengake laler cathak kang mangsa
wong-wong mau,
lan kodhok-kodhok kang nyirnakake
wong-wong mau.
46 Tanem tuwuhe wong Mesir dipakakake
marang ama uler,
tuwin wohing rekasane marang walang.
47 Wite anggur padha disirnakake sarana
udan watu,
sarta wite sikmah sarana ebun njendhel.
48 Pepanthaning kewane padha dipasrahake
marang udan es,
lan rajakayane disamber ing bledheg.
49 Padha didhawahi mulad-mulading
bebendune,
bramantya, deduka sarta karupekan,

apadene malaekat sabregada kang nggawa
bilai;
50 Panjenengane ngumbar mulad-mulading
bebendune,
nyawane padha ora diluwari saka ing pati,
nyawane padha diulungake marang
pageblug;
51 sakehing anake pembarep wong Mesir
padha dipateni,
wohing kakuwatane kang kawitan ana ing
tarub-tarube Kham;
52 para umat kagungane tumuli padha
didhawuhi mangkat kaya wedhus,
padha dituntun kaya pepanthan kewan
ana ing ara-ara samun;
53 padha dituntun kalawan tentrem, temah
ora padha kuwatir,
amarga satrune wus padha keblabak ana
ing segara;
54 padha diirid menyang ing tanah suci
kagunganing Allah,
yaiku ing pagunungan iki, kang pinundhut
ing astane kang tengen;
55 para bangsa padha ditundhung saka ing
ngarepane umat,
tanah pusaka iku diedum-edum nganggo
tali ukuran,
sarta sakehing talere Israel padha
didhawuhi ngenggoni tarub-tarube.
56 Nanging Banisrael padha nyoba lan
mbalela marang Gusti Allah kang
Mahaluhur,

sarta ora padha netepi marang
pepenget-pepengete;
57 padha murtad lan ora setya kaya para
leluhure;
padha nyimpang kaya gandhewa kang
cidra;
58 padha gawe gerahing penggalihe Gusti
Allah sarana tengger-tengger papang
pangurbanane,
sarta ndadekakake bentering penggalihe
marga saka reca-recane.
59 Bareng kapiyarsa dening Gusti Allah,
temah Panjenengane banjur duka
banget,
Israel ditampik babar pisan;
60 mulane nilar padalemane ing Silo,
tarub kang wus didalemi ana ing antarane
manungsa;
61 kasantosane nuli diulungake dadi
bandhangan,
kamulyane dipasrahake marang ing
tanganing mungsuh;
62 Panjenengane marengake bae umate
kamangsa ing pedhang,
sarta bendu marang kagungane piyambak.
63 Para wong non-nomane padha kamangsa
ing geni,
lan para prawane padha ora dialembana
maneh kalawan kekidungan palakrama;
64 para imam padha mati dening pedhang,
lan randhane ora padha bisa nangisi.
65 Ing kono Pangeran tumuli wungu, kaya
wong kang keturon,

kaya prawira kang wus eling saka anggone
mendem anggur;
66 mungsuh-mungsuhe padha digebag temah
padha mundur,
padha kadamel nandhang wirang ing
salawase.
67 Panjenengane nampik tarube Yusuf,
taler Efraim ora kapilih,
68 nanging kang dipilih taler Yahuda,
Gunung Sion kang kinasihan;
69 pasucene banjur dibangun nganti sundhul
langit,
kaya bumi kang tinalesan langgeng;
70 Panjenengane milih Dawud, abdine,
kapundhut saka ing satengahe kandhang-
kandhang wedhus;
71 kapundhut saka ing panggonane
wedhus-wedhus kang padha nusoni,
kapatah ngengon trahe Yakub, umate,
iya Banisrael kagungane piyambak.
72 Tumuli iya padha diengon kalawan tulusing
galih,
sarta padha katuntun kanthi kaprigelaning
astane.

MASMUR 79

Pandongane umat kang kaancam ing bebaya

79:1-13

79 1 Masmur anggitane Asaf.
Dhuh Allah, bangsa sanes sampun sami
lumebet dhateng ing tanah kagungan
Paduka,
sami najisaken padaleman Paduka ingkang
suci,
Yerusalem dipun dadosaken jugrugan.
2 Mayitipun para abdi Paduka dipun
pakakaken dhateng peksi-peksi ing
awang-awang,
dagingipun para kekasih Paduka
dipun pakakaken dhateng sato ing ara-ara.
3 Rahipun umat Paduka dipun wutahaken
kadosdene toya,
wonten ing sakubenging Yerusalem sarta
boten wonten ingkang ngubur.
4 Kawula sami dados cacadanipun para
tangga-tepalih kawula,
lan dados pepoyokan miwah
cacampahanipun tiyang ingkang
manggen ing sakubeng kawula.
5 Dhuh Yehuwah, ngantos pinten dangunipun
anggen Paduka tansah paring bebendu
Paduka,
saha bentering panggalih Paduka
anggenipun mulad-mulad kados latu?

6 Bebendu Paduka mugi kaesokna
dhateng para bangsa ingkang boten
sami tepang kaliyan Paduka, inggih
dhateng sakathahing karajan ingkang
boten nyebut asma Paduka;
7 amargi sampun sami mangsa Yakub
ngantos telas,
griyanipun dipun risak.
8 Paduka mugi sampun ngantos ndhawahaken
kalepatanipun para leluhur kawula
dhumateng kawula sadaya;
kawula mugi enggal kadhawahana ing
sih-rahmat Paduka,
awitdene kawula sampun sami ringkih
sanget.
9 Dhuh Allah, ingkang mengku karahayon
kawula,
kawula mugi sami Paduka paringi
pitulungan
margi saking kaluhuraning asma Paduka.
Kawula mugi sami kaentasna saha
kaapuntena dosa kawula
margi saking asma Paduka.
10 Punapaa dene bangsa sanes ngantos sami
ngucap makaten:
“Allahe wong iku ana ing ngendi?”
Pamalesing rahipun para abdi Paduka
ingkang sampun kawutahaken,
mugi kasumerepana dening bangsa-
bangsa sanes
wonten ing ngajeng kawula sedaya.
11 Pasambatipun para tiyang ingkang
kinunjara

mugi sageda sumengka dhateng ing
ngarsa Paduka;
tiyang ingkang sami katetepaken kaukum
pejah,
mugi sami Paduka parengaken gesang
laras kaliyan asta Paduka ingkang
agung.
12 Saha para tangga kawula mugi sami
kadhawahana piwales tikel pitu,
amargi anggenipun sami memada
dhumateng Paduka, dhuh Pangeran.
13 Kawula sadaya punika, umat Paduka,
inggih pepanthan menda ngen-ngenan
Paduka,
badhe lajeng sami ngaturaken panuwun
dhumateng Paduka ing salaminipun,
saha pepujian ingkang tumuju dhumateng
Paduka badhe sami kawula wartosaken
ngantos turun-tumurun.

MASMUR 80

Pandonga kanggo keslametane Israel

80:1-19 (80:1-20)

80 1 Kanggo lurah pasindhen, lagune kaya
kidung: Kembang Bakung. Paseksene
Asaf. Masmur.
(80-2) Dhuh Juru Pangenipun Banisrael,
mugi karsaa midhangetaken.
Paduka ingkang nggiring bani Yusuf kados
pepanthan menda,
Paduka ingkang nitih kerub-kerub,

mugi karsaa ngatingalaken cahya Paduka,
2 (80-3) wonten ing ngajengipun Efraim kaliyan Benyamin tuwin Manasye.
Paduka mugi karsaa ngatingalaken kasantosan Paduka
saha mugi karsaa rawuh ngluwari kawula sadaya.
3 (80-4) Dhuh Allah, kawula mugi sami Paduka pulihaken,
mugi karsaa nyunaraken wadana Paduka, temah kawula sami badhe manggih wilujeng.
4 (80-5) Dhuh Yehuwah, Gusti Allahipun ingkang sarwa dumadi,
taksih pinten laminipun anggen Paduka bendu
sanadyan umat Paduka ndedonga?
5 (80-6) Umat Paduka sami Paduka tedhani roti tumatesing luh,
Paduka paringi ngombe luh ngantos kathah sanget,
6 (80-7) kawula sami Paduka dadosaken rerebatanipun para tangga-tepalih,
saha sami cinampahan ing mengsah-mengsah kawula.
7 (80-8) Dhuh Gusti Allahipun ingkang sarwa dumadi, kawula mugi sami Paduka pulihaken,
mugi karsaa nyunaraken wadana Paduka, temah kawula sami manggih wilujeng.
8 (80-9) Paduka sampun mundhut wit anggur saking tanah Mesir,

para bangsa sami Paduka tundhungi, wit
anggur wau lajeng Paduka tanem.
9 (80-10) Paduka sampun nyawisi papan,
wit anggur wau lajeng ngoyod lebet sanget
saha ngebaki nagari;
10 (80-11) redi-redi sami kayoman ing
ayang-ayanganipun,
lan wit-wit eres kagunganipun Gusti Allah
sami kayoman ing pangpangipun;
11 (80-12) pangipun ingkang alit-alit sami
pating tlolor ngantos dumugi ing
saganten,
sarta elungipun ngantos dumugi ing
benawi Efrat.
12 (80-13) Punapa sababipun dene Paduka
njugrugaken pageripun,
temah dipun pethiki dening tiyang ingkang
sami langkung?
13 (80-14) Dipun grogoti ing andhapan,
sarta dipun tedha ing kewan-kewan ing
ara-ara.
14 (80-15) Dhuh Gusti Allahipun ingkang
sarwa dumadi, Paduka mugi karsaa
wangsul,
mirsanana saking ing swara sarta
ningalana.
Paduka mugi karsaa nggatosaken wit anggur
punika,
15 (80-16) wit ingkang katanem dening asta
Paduka ingkang tengen.
16 (80-17) Witipun sampun sami dipun
besmeni lan dipun tegori,

tiyang-tiyang wau kajengipun sami sirna
ical dening bebendu Paduka.
17 (80-18) Paduka mugi karsaa ngreksa
dhateng para tiyang ingkang wonten ing
sisih tengen Paduka,
anakipun manungsa ingkang sampun
Paduka kiyataken kagem Paduka
piyambak.
18 (80-19) Kawula sami boten badhe
nyleweng saking Paduka,
kawula mugi Paduka gesangi, satemah
sami badhe nyebut ngluhuraken asma
Paduka.
19 (80-20) Dhuh Yehuwah, Gusti Allahipun
ingkang sarwa dumadi,
kawula mugi sami Paduka pulihaken,
mugi karsaa nyunaraken wadana Paduka,
temah kawula sami badhe manggih
wilujeng.

MASMUR 81

Kidungan nalika nganyarake prajanjian

81:1-16 (81:1-17)

81 1 Kanggo lurah pasindhen. Miturut lagu:
Gitit. Anggitane Asaf.
(81-2) Padha surak-suraka kagem Gusti
Allah, kang dadi kasantosan kita,
padha surak-suraka kagem Gusti Allahe
Rama Yakub.
2 (81-3) Padha ngidunga karo trebangan

lan clempungan, kang laras binarung
swaraning slukat.
3 (81-4) Ngunekna kalasangka ing tanggal
sapisan,
ing tanggal purnama ing dina riyaya kita.
4 (81-5) Amarga bab iku dadi pranatan
tumrap bangsa Israel,
sarta dadi angger-angger saka Gusti Allahe
Rama Yakub.
5 (81-6) Kang pinacak dadi pepakon marang
Rama Yusuf,
nalika Gusti Allah miyos nglurugi tanah
Mesir.
Aku krungu bangsa kang aku durung tau
weruh.
6 (81-7) “Pundhake wus Sunuwalake saka
anggone memikul,
sarta tangane saka ing kranjanging
pikulan;
7 (81-8) sajroning karubedan sira padha
sesambat, Ingsun banjur ngentasake
sira,
Ingsun nyembadani panyuwunira saka ing
pasingidaning gludhug,
Ingsun wus nyoba marang sira ana ing
sacedhake banyu Meriba. (Selah)
8 (81-9) He para umatingSun padha
ngrungokna, Ingsun arsa paring
pepenget marang sira;
he Israel, manawa sira gelem ngrungokake
marang dhawuhingSun.
9 (81-10) Ing tengahira aja ana allah liyane,
sira aja sujud marang allah ngamanca.

10 (81-11) Iya Ingsun iki Yehuwah Allahira,
kang ngluwari sira saka ing tanah Mesir,
cangkemira angapna kang amba, nuli
bakal Sunkebaki.
11 (81-12) Nanging umatingSun ora
ngrungokake marang swaraningSun,
sarta Israel ora seneng marang Ingsun.
12 (81-13) Mulane banjur Suntogake atine
kang wangkot iku,
cikben padha nglakoni sakarepe dhewe.
13 (81-14) Ah, saupama umatingSun
ngrungokake marang dhawuhingSun,
saupama Israel ngambah ing dalan
pitedahingSun.
14 (81-15) Sanalika iku uga mungsuhe mesthi
Suntelukake,
sarta mungsuhe padha ngrasakake
antebing astaningSun.
15 (81-16) Para wong kang sengit marang
Pangeran Yehuwah, bakal nyembah
ndilat sampeyane,
lan iki wis dadi nasibe ing salawas-lawase.
16 (81-17) Nanging umatingSun bakal
Sunparingi mangan gandum kang becik
dhewe
malah bakal padha Sunwaregi kalawan
madu saka ing parang.”

MASMUR 82

Gusti Allah ana ing parepatan ilahi

82:1-8

82 1 Masmur anggitane Asaf.
Gusti Allah jumeneng ana ing parepatan ilahi,
ana ing satengahing para allah Panjenengane nindakake pangadilan:
2 "Nganti sepira suwene anggonira padha ngadili kalawan ambek-siya,
sarta ngrewangi marang wong duraka? (Selah)
3 Wong kang sekeng lan bocah lola padha wenehana adil,
wong kasangsaran lan kacingkrangan padha belanana wewenange.
4 Wong kang sekeng lan kang mlarat padha pitulungana,
luwarana saka ing tangane wong duraka."
5 Iku wong kang padha ora sumurup lan ora ngreti apa-apa,
padha lumaku ana ing pepeteng;
sakehing tetalese bumi padha gonjang-ganjing.
6 Ingsun wus ngandika mangkene: "Sira kabeh iku allah,
lan padha dadi putrane Kang Mahaluhur. --
7 Nanging sira bakal padha mati kayadene manungsa,

lan bakal tiwas kayadene salah sawijining
panggedhe.”
8 Dhuh Allah, Paduka mugi karsaa jumeneng
ngadili bumi,
amargi sakathahipun bangsa punika
kagungan Paduka.”

MASMUR 83

Pandonga nyuwun pitulungan nglawan mungsuh

83:1-18 (83:1-19)

83 1 Masmur anggitane Asaf: sawijining
kekidungan.
(83-2) Dhuh Allah, Paduka mugi sampun
kendel
mugi karsaa ngandika, saha sampun
nganggur, dhuh Allah!
2 (83-3) Amargi mengsah Paduka sami
gumuruh,
tiyang ingkang sami sengit dhumateng
Paduka sami nglangak kumethak,
3 (83-4) sami ngrantam paekan nglawan
Paduka,
sarta sami sakuthon badhe nglawan para
ingkang Paduka ayomi.
4 (83-5) Wicantenipun makaten: “Ayo kita
padha nyirnakake bangsa iku
supaya jenenge Israel ora kocap maneh!”
5 (83-6) Saestu, sampun sami ngrantam
kalayan saiyeg,
sami damel prajanjian nglawan Paduka:

6 (83-7) Para ingkang sami manggen ing
kemahipun bangsa Edom, lan Ismael,
Moab kaliyan Hagar,
7 (83-8) Gebal lan Amon tuwin Amalek,
Filisti sesarengan kaliyan tiyang ing Tirus,
8 (83-9) ugi Asyur sami manunggil kaliyan
tiyang-tiyang wau,
sami dados bebantunipun darah Lut.
(Selah)
9 (83-10) Sedaya punika sami kadamela
kadosdene bangsa Midian,
kados Sisera tuwin Yabin wonten ing
sacelakipun lepen Kisyon,
10 (83-11) ingkang sampun sami katumpes
wonten ing Endor,
sami dados rabuking siti.
11 (83-12) Para pangagengipun sami
kadamela kados Oreb kaliyan Zeeb,
saha sakathahing pemimpinipun kados
Zebah lan Salmunah,
12 (83-13) ingkang sami wicanten: "Payo
padha ngejegi
papan-papan padalemaning Allah."
13 (83-14) Dhuh Allah kawula, tiyang punika
sami kadadosna kados dhedhak ingkang
mabul-mabul,
kados mrambut ingkang kabur ing angin.
14 (83-15) Kados latu ingkang mbesmi wana,
saha kados urubing latu ingkang
nggesengaken redi-redi,
15 (83-16) sami kaoyaka kaliyan prahara
Paduka,

tuwin kadamela kaget kaliyan lesus
Paduka.
16 (83-17) Rainipun sami kasasabana ing
wirang,
supados sami ngupadosana asma Paduka,
dhuh Yehuwah.
17 (83-18) Kajengipun sami nandhang wirang
sarta kaget ing salaminipun,
sami kawirangna saha lejeng sami tumpes,
18 (83-19) supados sami sumerepa, bilih
namung Paduka ingkang asma Yehuwah,
Ingkang Mahaluhur tuwin misesani ing
salumahing bumi.

MASMUR 84

Kangen marang padalemane Gusti Allah

84:1-12 (84:1-13)

84 1 Kanggo lurah pasindhen. Miturut lagu:
Gitit. Masmur anggitane bani Korakh.
(84-2) Iba anggenipun nengsemaken
padaleman Paduka,
dhuh Yehuwah Gustining sarwa tumitah.
2 (84-3) Nyawa kawula rempu margi
kangen dhateng plataranipun Pangeran
Yehuwah,
manah kaliyan raga kawula sami
asumyak-sumyak
tumuju dhumateng Gusti Allah ingkang
gesang.
3 (84-4) Dalah peksi greja sampun manggih
griya,

lan peksi kedhali manggih susuh, kangge
nyelehaken anakipun,
wonten ing misbyah Paduka, dhuh
Yehuwah, Gustining sarwa tumitah,
Ratu kawula saha Gusti Allah kawula.
4 (84-5) Rahayu tiyang ingkang sami
manggen ing padaleman Paduka,
saha tansah ngluhuraken asma Paduka.
(Selah)
5 (84-6) Rahayu tiyang ingkang karosanipun
wonten ing Paduka,
ingkang gadhah niyat badhe jiyarah.
6 (84-7) Manawi lumampah wonten ing lebak
Baka,
punika kadadosaken panggenan ingkang
wonten sumberipun;
tur sinasaban ing berkahing jawah kapisan.
7 (84-8) Lampahipun saya dangu saya kiyat,
badhe sowan ing ngarsanipun Gusti Allah
ing Sion.
8 (84-9) Dhuh Yehuwah, Gustining
sarwa tumitah, Paduka mugi karsaa
miyarsakaken pandonga kawula,
mugi karsaa nilingaken dhateng kawula,
dhuh Gusti Allahipun Rama Yakub.
(Selah)
9 (84-10) Dhuh Allah, Paduka mugi karsaa
mirsani tetameng kawula sadaya,
mugi karsaa mirsani dhumateng
wedananipun jebadan Paduka!
10 (84-11) Wonten ing plataran Paduka
sadinten

punika prayoginipun nglangkungi sewu
dinten wonten ing sanes panggenan;
kawula milaur ngadeg ing korining
padalemanipun Allah kawula,
punika langkung sae katimbang kaliyan
manggen wonten ing kemahipun tiyang
duraka.
11 (84-12) Amarga Pangeran Yehuwah Allah
iku dadi sesurya lan tetameng;
Panjenengane maringi sih lan kamulyan;
wong kang lakune tanpa cacad ora dicukengi
ing bab samubarang kang becik.
12 (84-13) Dhuh Yehuwah Gustining sarwa
tumitah,
rahayu tiyang ingkang kumandel
dhumateng Paduka.

MASMUR 85

Pandonga nyuwun muga Israel kapulihake

85:1-13 (85:1-14)

85 1 Kanggo lurah pasindhen. Masmur
anggitane bani Korakh.
(85-2) Dhuh Yehuwah, Paduka sampun
ngatingalaken keparenging panggalih
Paduka dhumateng tanah Paduka,
kewontenanipun trahipun Rama Yakub
sampun Paduka pulihaken.
2 (85-3) Paduka sampun ngapunten
kalepatanipun umat Paduka,

sakathahing dosanipun sampun Paduka tutupi. (Selah)
3 (85-4) Sakathahing deduka Paduka sampun Paduka sirep,
bebendu Paduka ingkang mulad-mulad sampun Paduka lilihaken.
4 (85-5) Dhuh Allah, Pamarta kawula, kawula mugi sami Paduka pulihaken,
Paduka mugi karsaa ngicali gerahing panggalih Paduka tumrap kawula.
5 (85-6) Kawula punapa sami badhe Paduka dukani ing salaminipun,
saha anggen Paduka duka punapa badhe Paduka lajengaken ngantos turun-tumurun?
6 (85-7) Punapa Paduka boten karsa nggesangaken kawula sadaya malih,
supados umat Paduka saged bingah-bingah margi saking Paduka?
7 (85-8) Dhuh Yehuwah, Paduka mugi karsaa ngatingalaken sih-susetya Paduka dhumateng kawula sadaya,
saha karsaa maringi karaharjan Paduka dhumateng kawula sadaya.
8 (85-9) Aku arep ngrungokake apa kang dadi pangandikaning Allah, Pangeran Yehuwah.
Rak tentrem rahayu kang bakal didhawuhake
marang umate lan marang para kekasihe,
supaya aja nganti bali marang ing kapunggungane maneh?

9 (85-10) Sanyata, karaharjan kang saka ing Pangeran iku cepak tumrap wong kang wedi-asih marang Panjenengane,
satemah nagara kita kadunungan kamulyan.
10 (85-11) Sih lan kasetyan bakal padha tempuk
kaadilan lan katentreman bakal padha ambung-ingambung.
11 (85-12) Kasetyan bakal tuwuh saka ing bumi,
lan kaadilan bakal ngawat-awati saka ing langit.
12 (85-13) Tur Pangeran Yehuwah bakal paring samubarang kang becik,
sarta nagara kita bakal ngwenehake pametune.
13 (85-14) Kaadilane bakal lumaku ana ing ngarsane,
sarta tapak-tilasing sampeyane kadadekake dalan.

MASMUR 86

Pandonga nyuwun pitulungan

86:1-17

86 1 Pandongane Prabu Dawud.
Dhuh Yehuwah, Paduka mugi karsaa nilingaken saha karsaa paring wangsulan,
amargi kawula nandhang sangsara saha kesrakat.

2 Nyawa kawula mugi Paduka reksa, awit
Paduka asih dhumateng kawula,
Paduka mugi karsaa ngluwari abdi Paduka
ingkang pitados dhumateng Paduka
punika.
3 Dhuh Yehuwah, Paduka punika Gusti Allah
kawula, kawula mugi Paduka welasi,
amargi sadinten muput anggen kawula
sesambat dhumateng Paduka.
4 Paduka mugi karsaa mbingahaken
nyawanipun abdi Paduka
amargi, dhuh Pangeran, nyawa kawula
sumengka dhumateng Paduka.
5 Amargi Paduka punika sae, dhuh Pangeran,
saha remen ngapunten,
punapa malih sih-susetya Paduka punika
luber
tumrap tiyang ingkang sesambat
dhumateng Paduka.
6 Dhuh Yehuwah, Paduka mugi karsaa
miyarsakaken pandonga kawula,
saha karsaa migatosaken swaraning
panyuwun kawula.
7 Ing dinten karibedan kawula, kawula
sesambat dhumateng Paduka,
amargi Paduka karsa paring wangsulan
dhumateng kawula.
8 Dhuh Allah, ing antawisipun para allah
boten wonten ingkang nyameni Paduka,
sarta boten wonten ingkang ngemperi
pakaryan Paduka.
9 Dhuh Pangeran, sakathahipun bangsa,
ingkang Paduka titahaken,

sami badhe sowan sujud nyembah wonten
ing ngarsa Paduka,
saha badhe ngluhuraken asma Paduka.
10 Amargi Paduka punika agung saha
nindakaken kaelokan-kaelokan;
inggih namung Paduka piyambak punika
ingkang jumeneng Allah.
11 Dhuh Yehuwah, kawula mugi Paduka
tedahaken margi Paduka,
supados lampah kawula manuta ing
kaleresan Paduka;
manah kawula mugi Paduka golongaken
supados ajrih-asih dhumateng asma
Paduka.
12 Dhuh Pangeran, Allah kawula, kawula
badhe ngaturaken pamuji sokur kanthi
gumolonging manah dhumateng Paduka
saha ngluhuraken asma Paduka ing
salami-laminipun;
13 amargi agung sih-susetya Paduka
dhumateng kawula,
saha nyawa kawula sampun Paduka luwari
saking jagading tiyang pejah ingkang
lebet piyambak.
14 Dhuh Allah, tiyang ingkang angkuh sami
gumregah nempuh kawula,
saha grombolaning tiyang gumunggung
sami ngangkah dhateng nyawa kawula,
sarta boten mreduli dhumateng Paduka.
15 Nanging Paduka punika, dhuh Pangeran,
Allah ingkang ambek welasan saha asih,
agung kasabaran Paduka saha luber sih
tuwin kasetyan Paduka.

16 Kawula mugi Paduka pirsani saha
kaparingana sih-piwelas,
abdi Paduka mugi Paduka paringi karosan
Paduka,
anakipun jaler parekan Paduka mugi
kaluwarana.
17 Kawula mugi Paduka paringi pratandhaning
kasaenan,
supados para satru kawula sami sumerep
kalayan wirang,
bilih Paduka dhuh Yehuwah, sampun
paring pitulungan saha panglipur
dhumateng kawula.

MASMUR 87

Sion kuthane Gusti Allah

87:1-7

87 1 Masmur anggitane bani Korakh:
kidungan.
Ing gunung-gunung kang suci ana kutha
kang dibangun dening Pangeran.
2 Kori-kori gapuraning Sion luwih dikasihi
dening Pangeran Yehuwah,
katimbang karo sakehing panggonane
darah Yakub.
3 He kuthaning Allah,
kowe kasuwurake mungguh prakara-
prakara kang mulya. (Selah)
4 Rahab lan Babil Sungolongake para wong
kang nganggep marang Ingsun,
dalasan nagara Filisti, Tirus tuwin Etiopia:

"Iki padha dilairake ana ing kono."
5 Nanging bab Sion diwartakake:
"Wong iku siji-sijine laire padha ana ing kono,"
lan Panjenengane, Kang Mahaluhur, kang njejegake.
6 Wong iku mau kabeh padha kawilang dening Pangeran Yehuwah, samangsa nyatheti para bangsa:
"Iki laire ana ing kono." (Selah)
7 Lan wong padha ngidung tuwin jogedan karo seneng-seneng:
"Sakehing sumberku ana ing sajroning nagaramu."

MASMUR 88

Pandonga nalika lara banget

88:1-18 (88:1-19)

88 1 Kidungan. Masmur anggitane bani Korakh. Kanggo lurah pasindhen, miturut lagu: Mahalat Leanot. Kidung piwulange Heman, wong Ezrahi.
(88-2) Dhuh Yehuwah, Allah ingkang ngluwari kawula
ing wanci siyang kawula sesambat,
ing wanci dalu kawula sowan wonten ing ngarsa Paduka.
2 (88-3) Pandonga kawula mugi sumengkaa dhateng ing ngarsa Paduka,
Paduka mugi karsaa nilingaken dhateng pasambat kawula.

3 (88-4) Amargi nyawa kawula tuwuk ing
kasisahan,
lan gesang kawula sampun celak kaliyan
jagadipun tiyang pejah.
4 (88-5) Kawula sampun kagolongaken para
tiyang ingkang mandhap dhateng ing
kubur,
sarta kados tiyang ingkang tanpa daya.
5 (88-6) Kawula kedah amor kaliyan para
tiyang pejah,
kados tiyang ingkang sami pejah margi
dipun pejahi,
gumlethak wonten ing kubur,
ingkang boten Paduka engeti malih,
amargi sampun sami kapethal saking
panguwaos Paduka.
6 (88-7) Kawula sampun Paduka selehaken
wonten ing luwangan
kuburan ingkang ngandhap piyambak
ing salebeting pepeteng, ing papan
ingkang lebet.
7 (88-8) Kawula kapetek dening bentering
bebendu Paduka,
sampun kebyukan ing muncrating alun
Paduka sadaya. (Selah)
8 (88-9) Pitepangan kawula sadaya sampun
sami Paduka tebihaken saking kawula,
kawula sampun Paduka damel pangewan-
ewan kangge tiyang-tiyang wau,
kawula kinungkung boten saged medal.
9 (88-10) Mripat kawula ngerong margi
nandhang kasangsaran.

Dhuh Yehuwah, kawula sampun sesambat
dhumateng Paduka ing sadinten muput
sarta sampun ngathungaken tangan kawula
dhumateng Paduka.
10 (88-11) Paduka punapa badhe nindakaken
kaelokan kangge tiyang ingkang sami
pejah?
Arwah punapa badhe tangi, saha
ngunjukaken panuwun dhumateng
Paduka? (Selah)
11 (88-12) Sih-kadarman Paduka punapa
saged kacariyosaken wonten ing kubur,
tuwin kasetyan Paduka wonten ing
paleburan?
12 (88-13) Kaelokan-kaelokan Paduka
punapa saged kasumerepan wonten ing
palimengan,
tuwin kaadilan Paduka wonten ing
nagarinipun sadaya kekilapan?
13 (88-14) Nanging, dhuh Yehuwah, kawula
punika sesambat dhumateng Paduka,
ing wanci enjing Paduka kawula
pethukaken kaliyan pandonga kawula.
14 (88-15) Dhuh Yehuwah, punapaa dene
kawula Paduka sebrataken,
saha wadana Paduka Paduka engokaken
saking kawula?
15 (88-16) Wiwit alit mila kawula katindhes
tuwin kaancam ing pejah,
kawula sampun nyanggi pagiris ingkang
saking Paduka,
kawula rumaos tanpa pangajeng-ajeng.

16 (88-17) Kawula katempuh ing bentering
bebendu Paduka,
saha kabungkem dening pagiris Paduka.
17 (88-18) Punika ing sadinten muput
nglimputi kawula kados toya,
ngantos kemput anggen kawula kinepang.
18 (88-19) Mitra tuwin kanca Paduka
tebihaken saking kawula,
namung pepeteng ingkang dados
pitepangan kawula.

MASMUR 89

Kasetyaning Yehuwah marang Sang Prabu Dawud

89:1-52 (89:1-53)

89 1 Kidung piwulang, anggitane Etan,
wong Ezrahi.
(89-2) Sih-susetyaning Yehuwah badhe
kawula kidungaken ing salaminipun,
kasetyan Paduka badhe kawula suwuraken
kaliyan cangkem kawula turun-tumurun.
2 (89-3) Amargi sih-susetya Paduka binangun
ing salami-laminipun;
kasetyan Paduka jejeg kados langit.
3 (89-4) Paduka sampun ngandika:
“Ingsun wus karya prajanjian kalawan
pilihaningSun,
Ingsun wus supaos marang Dawud,
abdiningSun.
4 (89-5) Wijinira Suntetepake ing salawas-
lawase,

sarta dhamparira Sunbangun nganti
turun-tumurun.” (Selah)
5 (89-6) Margi saking punika langit ngucap
sokur margi saking kaelokan Paduka,
dhuh Yehuwah,
malah inggih jalaran saking kasetyan
Paduka
ing satengahing pasamuwanipun para suci.
6 (89-7) Amarga ing mega-mega iku sapa
kang ngembari Pangeran Yehuwah,
lan ing antarane para kang manggon ing
swarga
sapa kang madhani Sang Yehuwah?
7 (89-8) Gusti Allah kineringan ana ing
kalangane para suci,
lan banget diwedeni ngluwihi kabeh kang
padha ngayap ing sakiwa tengene.
8 (89-9) Dhuh Yehuwah, Gusti Allahipun
sarwa tumitah, sinten ingkang kados
Paduka?
Paduka punika santosa, dhuh Yehuwah,
saha kasetyan Paduka wonten ing
sakubeng Paduka.
9 (89-10) Gumunggungipun saganten punika
Paduka ingkang ngereh,
manawi alunipun ageng Paduka ingkang
ngendhakaken.
10 (89-11) Rahab sampun Paduka remuk
kados tiyang ingkang pinejahan,
mengsah Paduka sampun Paduka
buyaraken klayan asta Paduka ingkang
rosa.

11 (89-12) Langit punika kagungan Paduka,
bumi punika ugi kagungan Paduka,
jagad saisinipun sadaya punika Paduka
ingkang ndhasari.
12 (89-13) Ler lan kidul punika Paduka
ingkang nitahaken,
redi Tabor tuwin Hermon sami bingah-
bingah
surak-surak margi saking asma Paduka.
13 (89-14) Paduka ingkang kagungan bau
santosa
asta Paduka punika rosa tuwin luhur asta
Paduka tengen.
14 (89-15) Kaleresan kaliyan kaadilan dados
tetalesing dhampar Paduka,
sih-kadarman miwah kasetyan sami
lumampah wonten ing ngarsa Paduka.
15 (89-16) Rahayu bangsa ingkang saged
surak-surak,
dhuh Yehuwah, gesangipun kasunaran ing
wedana Paduka,
16 (89-17) sami asurak-surak sadinten muput
margi saking asma Paduka,
saha sami rumaos luhur margi kaadilan
Paduka.
17 (89-18) Amargi Paduka ingkang dados
kamulyaning karosanipun,
singat kawula kaunggulaken margi saking
keparenging panggalih Paduka.
18 (89-19) Awitdene tetameng kawula
sadaya punika kagunganipun Pangeran
Yehuwah,

saha ratu kawula punika kagunganipun
Gusti Allahipun Israel, ingkang suci.
19 (89-20) Sampun nate wonten pangandika
Paduka sarana wahyu dhateng para
tiyang ingkang Paduka kasihi,
suraosipun: “Ingsun wus maringi makutha
marang sawijining pahlawan,
sawijining wong pilihan wus Sunjunjung
saka ing antarane bangsa iku.
20 (89-21) Ingsun wus nemu Dawud,
abdiningSun,
kang wus Sunjebadi kalawan lenganingSun
kang suci.
21 (89-22) Iku bakal tetep Sunreksa kalawan
astaningSun,
sarta Sunsantosakake kalawan
bauningSun.
22 (89-23) Iku ora bakal ditempuh ing
mungsuh,
apadene kawasesa ing wong culika.
23 (89-24) Mungsuhe bakal padha Sunremuk
ana ing ngarepe,
sarta kang padha nyengiti bakal
Sunsirnakake.
24 (89-25) Iku bakal kinanthi ing kasetyan
lan sih-kadarmaningSun,
sarta sungune bakal kaunggulake karana
asmaningSun,
25 (89-26) Ingsun bakal ndadekake tangane
ngwasani segara,
sarta tangane tengen ngereh kali-kali.

26 (89-27) Panyebute marang Ingsun bakal mangkene: “Paduka punika Rama kawula,
Gusti Allah kawula, sarta peparanging karahayon kawula.”
27 (89-28) Sarta iya bakal Sunjunjung dadi putra pembarep,
tuwin kang luhur dhewe ana ing antarane para raja ing salumahing bumi.
28 (89-29) Sih-susetyaningSun marang dheweke bakal Sunlestarekake ing salawase,
lan prasetyaningSun bakal tetep tumrap dheweke.
29 (89-30) Anak-putune Sunlestarekake lumintu ing salawase,
apadene dhampare ing saumuring langit.
30 (89-31) Saupama anak-putune padha nglirwakake ToretingSun,
sarta lakune ora manut ing pranataningSun,
31 (89-32) lan padha nerak marang katetepaningSun,
sarta ora netepi pepakeningSun,
32 (89-33) panerake mesthi padha Sunwales kalawan gada,
tuwin kaluputane kalawan gebug.
33 (89-34) Nanging sih-susetyaningSun bakal ora Sunedohake saka Dawud,
sarta Ingsun ora bakal nyelaki kasetyaningSun.
34 (89-35) Ingsun ora bakal nerak marang prasetyaningSun,

tuwin apa kang kawedhar saka ing
lathiningSun ora bakal Sunowahi.
35 (89-36) Sapisan Ingsun wus sumpah demi
kasuceningSun,
mesthi Ingsun ora bakal cidra marang
Dawud.
36 (89-37) Tedhak-turune bakal lestari ing
salawas-lawase,
lan dhampare kaya srengenge ana ing
ngarsaningSun,
37 (89-38) kaya rembulan kang ana ing
salawas-lawase
minangka seksi kang setya tuhu ana ing
mega.” (Selah)
38 (89-39) Nanging Paduka piyambak nampik
saha nyebrataken,
sarta ndhawahaken bebendu Paduka
dhumateng ingkang Paduka jebadi,
39 (89-40) prajanjian Paduka kaliyan ingkang
abdi Paduka batalaken,
makuthanipun Paduka regedi kados lebu,
40 (89-41) balowartinipun Paduka rebahaken,
beteng-betengipun Paduka dadosaken
jugrugan.
41 (89-42) Sadaya tiyang ingkang langkung
wonten ing margi sami ngrayahi,
sarta dados cacadan tumrap tangga
tepalih.
42 (89-43) Tangan tengenipun para
satrunipun sami Paduka unggulaken,
sakathahing mengsahipun sampun sami
Paduka damel bingah-bingah.

43 (89-44) landheping pedhangipun Paduka
damel mbalik,
Paduka boten damel supados saged
tanggon wonten ing peprangan.
44 (89-45) Cahyanipun Paduka suremaken,
sarta dhamparipun Paduka rebahaken ing
siti.
45 (89-46) Dinten enemipun sampun Paduka
celakaken;
piyambakipun Paduka krukubi klayan
kawirangan. (Selah)
46 (89-47) Dhuh Yehuwah, ngantos pinten
dangunipun anggen Paduka tansah
wonten ing pasingidan,
sarta anggenipun bebendu Paduka
mulad-mulad kados latu punika?
47 (89-48) Paduka mugi karsaa ngengeti
menggah gesang punika sapinten ta
dangunipun,
punapa tanpa damel anggen Paduka
nitahaken sakathahing anakipun
manungsa punika?
48 (89-49) Tiyang gesang ingkang pundi
ingkang boten badhe ngalami pejah,
ingkang saged nguwalaken nyawanipun
saking pamisesaning jagadipun tiyang
pejah? (Selah)
49 (89-50) Dhuh Pangeran, pundi sih-susetya
Paduka ingkang sakawit,
ingkang Paduka janjekaken dhateng
Dawud mawi supaos demi kasetyan
Paduka punika?

50 (89-51) Dhuh Pangeran, Paduka mugi
karsaa ngengeti bilih abdi Paduka dipun
wewada,
saha bilih kawula nandhang pangerang-
erangipun para bangsa wonten ing
salebetipun manah kawula,
51 (89-52) ingkang dipun ucapaken para
mengsah Paduka, dhuh Yehuwah,
ingkang kalairaken kangge memada
tindak-tandukipun jebadan Paduka.
52 (89-53) Pinujia Pangeran Yehuwah ing
salami-laminipun. Amin. Amin!

Jilid IV: MASMUR 90--106

Gusti Allah, papan pangauban kang langgeng

90:1-17

90 1 Pandongane Nabi Musa, abdine Allah.
Dhuh Pangeran, Paduka punika dados
pangungsen kawula turun-tumurun.
2 Saderengipun redi-redi kalairaken,
sarta saderengipun Paduka nitahaken
bumi lan jagad,
wiwit kalanggengan dumugi kalanggengan
Paduka punika jumeneng Allah.
3 Paduka mangsulaken manungsa dados
lebu,
lan dhawuh: “He para anaking manungsa,
padha balia!”
4 Amargi sewu taun punika wonten ing
paningal Paduka,

sami kados dinten wingi sasampunipun kapengker,
inggih sami kados giliraning jagi ing wanci dalu.
5 Manungsa Paduka kentiraken; sami kados ngimpi,
kados tuwuhing rumput.
6 Ing wanci enjing sekar saha seger tuwuhipun,
sontenipun sampun lesah lajeng alum.
7 Saestu, kawula sami sirna margi saking bebendu Paduka,
saha kadhawahan giris awit saking bramantya Paduka.
8 Kalepatana kawula sadaya Paduka beber wonten ing ngarsa Paduka,
tuwin piawon kawula ingkang samar wonten ing padhanging cahyanipun wedana Paduka.
9 Saestu dinten kawula sadaya sami mengker margi saking bendu Paduka,
taun-taun kawula kawula telasaken kadosdene sesambat.
10 Laminipun gesang kawula sadaya punika pitung dasa taun,
dene manawi kawula sami kiyat, wolung dasa taun,
saha ingkang dipun gung-gungaken punika anggenipun nandhang rekaos lan sangsara,
amargi lampahipun rikat sanget saha kawula sami kabur sirna.

11 Sinten ingkang sumerep karosaning
bebendu Paduka,
saha ajrih dhateng anggen Paduka duka?
12 Kawula mugi sami Paduka wulang ngetang
dinten kawula ing saleresipun,
supados sageda sami angsal manah
ingkang wicaksana.
13 Dhuh Yehuwah, Paduka mugi karsaa
wangsul, -- ngantos benjing punapa? --
saha mugi karsaa melasi dhateng para
abdi Paduka.
14 Mugi ing wanci enjing kawula sami Paduka
tuwuki ing sih-susetya Paduka
temah kawula lajeng sami surak-surak lan
bingah-bingah salami kawula gesang.
15 Kawula mugi sami Paduka paringi
kabingahan ingkang satimbang kaliyan
dangunipun dinten-dinten anggen
Paduka ngganjar karibedan,
sarta satimbang kaliyan dangunipun
taun-taun anggen kawula ngraosaken
cilaka.
16 Pakaryan Paduka mugi sageda tiningalan
dening para abdi Paduka,
saha kamulyan Paduka dening anak-
anakipun.
17 Kamirahaning Pangeran Allah kawula,
mugi ngayomana kawula,
saha Paduka mugi karsaa nyantosakaken
pandameling tangan kawula sadaya,
inggih pandameling tangan kawula sadaya
punika mugi kasantosakna.

Ana ing pangaubane Gusti Allah

91:1-16

91 1 Wong kang dumunung ana ing pangaubane Kang Mahaluhur
lan nginep ing pangayomane Kang Mahakuwasa,
2 iku bakal nyebut marang Yehuwah mangkene: "Pangungsen saha beteng kawula,
Gusti Allah kawula ingkang kawula andelaken."
3 Sanyata Panjenengane iku kang bakal nguwalake kowe saka ing jirete juru pikat,
lan saka pageblug kang mbilaeni.
4 kowe bakal dikemuli kalawan elare,
bakal diayomi ing sangisoring siwiwine,
kasetyane iku minangka tameng lan pager tembok.
5 Kowe ora usah wedi marang pagiris ing wayah bengi,
marang panah kang lumepes ing wayah awan,
6 marang pageblug kang lumaku ana ing pepeteng,
tuwin marang lelara pes kang ngamuk ing wayah sore.
7 Sanadyan ing sandhingmu ana wong kang ambruk sewu,
sarta sepuluh ewu ana ing tengenmu,
ewadene kowe dhewe ora bakal ketaman;

8 iku mung koksawang kalawan mripatmu
dhewe bae,
lan ndeleng piwales marang para wong
duraka.
9 Amarga Pangeran Yehuwah iku dadi
pangayomanmu,
Kang Mahaluhur iku wus kokdadekake
pangaubanmu,
10 Kowe ora bakal katempuh ing bilai,
sarta ora ana wewelak kang nyedhaki
tarubmu;
11 awit Pangeran bakal ndhawuhi para
malaekate ing ngatase kowe,
supaya rumeksa marang kowe ana ing
sakehing dalanmu.
12 Kowe bakal ditadhahi ing tangane,
supaya kowe aja nganti kesandhung ing
watu.
13 Singa lan ula bedhudhak bakal padha
koklangkahi,
singa nom lan ula naga bakal kokidak-idak.
14 “Sanyata, sarehne rumaket marang
Ingsun, mulane bakal Sunluwari,
bakal Sunpageri santosa awit wanuh
marang asmaningSun.
15 Yen sesambat marang Ingsun bakal
Sunsembadani,
ing sajroning karubedan bakal Sunkanthi,
bakal Sunentasake lan Sunluhurake,
16 bakal Sunwaregi kalawan umur dawa,
lan karahayoningSun bakal Suntedahake
marang dheweke.”

MASMUR 92

Pangeran Yehuwah Hakim kang adil

92:1-15 (92:1-16)

92 1 Masmur, kekidungan ing dina Sabat.
(92-2) Ngucap sokur dhumateng
Pangeran Yehuwah kanthi kekidungan
punika prayogi,
makaten ugi nyaosi kidung masmur
dhumateng asma Paduka,
dhuh Gusti Allah ingkang Mahaluhur,
2 (92-3) saha nyariyosaken sih-susetya
Paduka ing wanci enjing
tuwin kasetyan Paduka ing wanci dalu,
3 (92-4) kanthi ngungelaken kawat sedasa
kaliyan slukat,
binarung ing swaraning clempung.
4 (92-5) Dene Paduka, dhuh Yehuwah,
sampun mbingahaken kawula kalayan
pakaryan Paduka,
kawula badhe asurak-surak awit saking
pakaryanipun asta Paduka.
5 (92-6) Dhuh Yehuwah, saestu agung
pakaryan Paduka,
sarta sanget lebet rancangan Paduka
punika.
6 (92-7) Tiyang bodho boten badhe
nyumerepi,
saha tiyang goblog ugi boten badhe
mangretos bab punika.

7 (92-8) Manawi tiyang duraka anggenipun
gesang sami kados tetuwuhan,
sarta tiyang ingkang nglampahi piawon
sami ngrembaka
punika supados sami katumpesa ing
salami-laminipun.
8 (92-9) Nanging, dhuh Yehuwah, Paduka
wonten ing ngaluhur ing salaminipun.
9 (92-10) Amargi saestu mengsah Paduka
dhuh Yehuwah,
inggih sayektos mengsah Paduka badhe
tumpes,
sakathahing tiyang ingkang tumindak
awon badhe kabuyaraken.
10 (92-11) Nanging singat kawula Paduka
inggilaken kados singating bantheng,
kawula ingesokan ing lisah jebad ingkang
enggal;
11 (92-12) mripat kawula nyawang satru
kawula, kuping kawula mireng bab para
tiyang awon ingkang sami gumregah
nglawan kawula.
12 (92-13) Wong mursid bakal ngrembaka
kaya wit kurma,
sarta thukul subur kaya wit eres ing
Libanon;
13 (92-14) para kang katandur ana ing
padalemaning Yehuwah,
bakal padha ngrembaka ana ing
plataraning Allah kita,
14 (92-15) sanadyan wus tuwa isih padha
metu wohe,
padha dadi lemu lan seger,

15 (92-16) supaya bisaa nyaritakake yen
Pangeran Yehuwah iku bener,
peparangku kang adoh saka ing laku cidra.

MASMUR 93

Pangeran Yehuwah Ratu kang langgeng

93:1-5

93 1 Pangeran Yehuwah iku jumeneng raja,
abusana kamulyan,
Pangeran Yehuwah busana lan apaningset
kasantosan.
Sanyata bumi wus jejeg ora gonjang-
ganjing.
2 Dhampar Paduka jejeg wiwit kala rumiyin,
wiwit ing kalanggengan Paduka sampun
wonten.
3 Dhuh Yehuwah, lepen-lepen sami kumrasak,
lan sami ngulukaken swaranipun,
saha sami ngulukaken jumleguripun.
4 Pangeran Yehuwah ngebat-ebati banget ana
ing ngaluhur,
ngungkuli kumrasaking banyu agung,
ngluwihi jumleguring alun ing segara.
5 Pranatan Paduka sanget kenceng,
padaleman Paduka sampun sapantesipun
manawi suci,
dhuh Yehuwah, kangge ing salaminipun.

MASMUR 94

Gusti Allah, juru ngembani kaadilan

94:1-23

94 [1] Dhuh Allah ingkang ndhawahaken piwales, dhuh Yehuwah,
dhuh Allah ingkang ndhawahaken piwales,
Paduka mugi karsaa jumeneng!
[2] Dhuh Hakimipun jagad, mugi karsaa jumeneng,
mugi karsaa ndhawahaken piwales dhumateng sarupining pandamelipun tiyang angkuh!
[3] Ngantos sapinten dangunipun malih para tiyang duraka, dhuh Yehuwah,
ngantos sapinten dangunipun malih tiyang duraka sami suka pari suka?
[4] Tiyang-tiyang wau sami mutahaken tembung-tembung ingkang digsura,
sarta sakatahahing tiyang ingkang nglampahi piawon sami gumunggung.
[5] Dhuh Yehuwah, tiyang wau sami ngiles-iles umat Paduka,
sarta para kagungan Paduka piyambak sami dipun tindhes;
[6] sami nyembelehi randha lan tiyang neneka,
tuwin mejahi lare lola;
[7] sarta sami mungel makaten: “Pangeran Yehuwah ora nguningani,
lan Allahe Yakub ora nggatosake.”

8 Heh, para wong kang bodho panunggalane
rakyat, padha gatekna!
Heh, para wong goblog, besuk apa
anggonmu padha bisa mikir?
9 Gusti Allah kang masang kuping apa ora
miyarsa?
kang yasa mripat apa ora mirsani?
10 Kang maringi pamardi marang para umat,
apa ora ndhawahake paukuman?
Panjenengane kang mulangake kawruh
marang manungsa?
11 Pangeran Yehuwah nguningani sakehing
rancangane manungsa,
iku kabeh sanyatane tanpa guna.
12 Dhuh Yehuwah, rahayu tiyang ingkang
Paduka perdi,
ingkang Paduka wulang saking angger-
angger Paduka,
13 supados kenginga kadamel nentremaken
manahipun ing salebetipun nandhang
karibedan,
ngantos dumugi wekdalipun tiyang duraka
kadhudhukaken luwangan.
14 Dene Pangeran Yehuwah ora negakake
umate,
lan ora bakal nilar marang umat
kagungane.
15 Amarga karampunganing pradata bakal
bali marang kaadilan,
sarta diturut dening sakehing wong kang
tulus atine.
16 Sapa kang mbiyantu aku nglawan marang
para wong ala,

sapa kang mbiyantu aku nglawan marang
para wong kang nglakoni piala?
17 Ajaa Pangeran Yehuwah kang mitulungi
aku,
meh bae aku manggon ana ing alam
suwung.
18 Nalika kawula manah: “Sikilku theklok,”
lajeng dipun kiyataken dening sih-susetya
Paduka.
19 Manawi ing batos kawula saya mindhak
kathah ingkang kawula manah;
panglipur Paduka ingkang ngayemaken
manah kawula.
20 Paduka punapa badhe nunggil kaliyan
dhamparing piawon,
ingkang ngrancang bilai adhedhasar
katetepan?
21 Sami sakuthon nglawan dhateng
nyawanipun tiyang mursid,
lan rahipun tiyang ingkang boten lepat
dipun wastani duraka.
22 Nanging Pangeran Yehuwah iku betengku
kang santosa,
sarta Allahku iku peparang pangungsenku.
23 Gusti Allah kang malesake pialane
wong-wong mau,
lan jalaran saka pialane bakal padha
katumpes.
Pangeran Yehuwah, Gusti Allah kita, bakal
nyirnakake wong-wong iku.

MASMUR 95

Yehuwah kurmatana lan sujudana

95:1-11

95 1 Ayo padha surak-surak ana ing ngarsaning Pangeran Yehuwah,
surak-surak kagem Paranging karahayon kita.
2 Ayo padha methukake wedanane kalawan kidung pamuji sokur,
surak-surak kanthi pangidung masmur ana ing ngarsane.
3 Awitdene Pangeran Yehuwah iku Allah kang agung,
sarta Raja agung kang ngungkuli sakehing allah.
4 Telenging bumi ana ing astane,
pucaking gunung-gunung iku uga kagungane.
5 Segara uga kagungane, Panjenengane kang nitahake,
sarta astane kang yasa dharatan.
6 Lumebua, payo padha tumungkul sujud,
padha jengkeng ana ing ngarsaning Pangeran Yehuwah, kang nitahake kita,
7 awit Panjenengane iku Gusti Allah kita,
kita iku padha umat ngen-ngenane, papanthan wedhus reh-rehane.
Ing dina iki kowe bok ya padha ngrungokake swarane!

8 Sira aja mangkotake atinira kaya nalika
ana ing Meriba,
kaya ing dina nalika ana ing Masa ana ing
pasamunan,
9 nalika leluhurira padha nyoba marang
Ingsun,
padha ndadar Ingsun, sanadyan wus
padha ndeleng pakaryaningSun.
10 Patang puluh taun lawase enggoningSun
pegel ing galih ing bab jinis iku.
PangandikaningSun: "Iku bangsa kang
kesasar atine,
padha ora nyumurupi dalan
pitedahingSun."
11 Mulane Ingsun wus supaos ing sajroning
dukaningSun:
"Wong-wong iku mesthi padha ora bakal
lumebu ing padalemaningSun."

MASMUR 96

Gusti Allah, Gusti lan Hakim ing saindenging jagad

96:1-13

96 1 Padha ngluhurna Pangeran Yehuwah
kalawan kidung anyar,
he wong salumahing bumi, padha
ngidunga kagem Pangeran Yehuwah!
2 Padha ngidunga kagem Sang Yehuwah,
luhurna asmane,
peparinge karahayon iku wartakna ing
sadina-dina.

3 Padha nyaritakna kamulyane ana ing antarane para bangsa,
lan kaelokane ana ing antarane sakehing suku bangsa.
4 Amarga Pangeran Yehuwah iku mahaagung lan banget pinuji-puji,
sarta nggegirisi ngungkuli sakehing para allah.
5 Ujer sakehing allahe para bangsa iku tanpa guna,
nanging Pangeran Yehuwah iku kang nitahake langit,
6 kaagungan lan kamulyan ana ing ngarsane,
karosan lan kaurmatan ana ing papan pasucene.
7 He sakehing para suku bangsa, marang Pangeran Yehuwah,
iya mung marang Pangeran Yehuwah kamulyan lan karosan iku!
8 Pangeran Yehuwah caosana kamulyaning asmane,
nggawaa pisungsung lan sebaa marang ing platarane.
9 Padha sujuda marang Sang Yehuwah kalawan manganggo kasucen,
he sawrataning bumi kabeh, gumetera ana ing ngarsane.
10 Padha undhangna ana ing antarane para bangsa:
"Pangeran Yehuwah iku Raja!
Sanyata jagad iku madeg santosa, ora goyang,

Panjenengane bakal ngadili para bangsa
kalawan kabeneran.”
11 Langit kareben bungah-bungah, lan bumi
surak-surak,
sarta segara dalah saisine kareben padha
gumuruh!
12 Ara-ara dalah saisine kareben sukarena;
ing kono sakehing wit-witan ing alas padha
surak-surak,
13 ana ing ngarsaning Sang Yehuwah, amarga
Panjenengane rawuh,
sabab rawuhe bakal ngadili jagad,
jagad bakal dihakimi kalawan adil,
lan para bangsa kalawan kasetyane.

MASMUR 97

Yehuwah iku Raja

96:1-12

97 1 Pangeran Yehuwah iku Raja,
salumahing bumi kareben surak-surak,
pulo-pulo kareben akeh kang padha
sukarena!
2 Panjenengane kubengan ing mega lan
pepeteng,
kaadilan lan angger-angger kang dadi
tetalesing dhampare.
3 Geni lumaku ana ing ngarsane,
lan nggesengake satrune ing sakiwa-
tengene.
4 Kilate padha madhangi jagad,
bumi ndeleng temah gumeter.

5 Gunung-gunung padha ajer prasasat malam
ana ing ngarsaning Sang Yehuwah,
ana ing ngarsane Gustine salumahing
bumi.
6 Langit martakake kaadilane,
lan sakehing bangsa padha nyawang
kaluhurane.
7 Sarupaning wong kang ngabekti marang
reca bakal padha nandhang wirang,
wong kang padha gumunggung marga
saka brahala-brahala;
sakehing allah padha sujud nyembah
marang Panjenengane.
8 Sion mireng wartosipun, temah bingah,
sarta para putrinipun Yahuda sami
surak-surak,
margi saking paukuman Paduka, dhuh
Yehuwah.
9 Awit Paduka punika, dhuh Yehuwah,
Ingkang Mahaluhur,
ingkang mengku salumahing bumi,
Paduka linuhuraken sanget nglangkungi
sakathahipun allah.
10 He wong kang padha tresna marang Sang
Yehuwah padha sengita marang piala!
Panjenengane kang ngreksa nyawane para
wong kang kinasihan,
bakal ngluwari wong-wong iku saka ing
tangane para wong duraka.
11 Pepadhang wus sumunar tumrap para
wong mursid,
lan kabungahan tumrap para wong kang
burus atine.

12 He para wong mursid, padha bungah-
bungaha marga saka Pangeran
Yehuwah,
lan ngrepekna kidung pamuji sokur kagem
asmane kang suci.

MASMUR 98

Wektune karahayon wus cedhak

98:1-9

98 1 Masmur.
Pangeran Yehuwah repekna kidung
anyar,
awit Panjenengane wus nindakake
kaelokan;
kaunggulan wus kaangsalake dening
panjenengane kalawan astane kang
tengen
tuwin baune kang suci.
2 Pangeran Yehuwah wus ngundhangake
karaharjan kang saka ing Panjenengane,
sarta wus mbabar kaadilane ana ing
ngareping mripate para bangsa.
3 Pangeran Yehuwah wus ngengeti ing
sih-kadarmane lan kasetyane marang
kulawargane Rama Israel,
sakehing poncoting bumi wus padha weruh
marang karahayon kang saka Allah kita.
4 He bumi kabeh, padha surak-suraka ana
ing ngarsaning Yehuwah,
padha bungah-bungaha, surak-suraka, lan
ngidungna masmur!

5 Padha ngidungna masmur kagem Pangeran
Yehuwah kalawan clempung,
kalawan clempung sarta lagu kang laras,
6 kalawan nafiri lan kalasangka kang
nganyut-anyut,
padha surak-suraka ana ing ngarsane
Sang Prabu, yaiku Sang Yehuwah!
7 Segara saisine kareben padha gumuruh,
mengkono uga, jagad dalah kang padha
ngenggoni.
8 Kali-kali cikben padha keplok-keplok,
lan gunung-gunung kareben padha
surak-surak bebarengan
9 ana ing ngarsaning Pangeran Yehuwah,
awit Panjenengane rawuh ngadili bumi,
jagad bakal diadili ing sabenere,
tuwin para bangsa kalawan kabeneran.

MASMUR 99

Pangeran Yehuwah, Ratu kang suci

99:1-9

99 1 Pangeran Yehuwah iku Ratu, para
bangsa banjur padha gumeter,
Panjenengane adhedhampar ana ing
kerub,
bumi banjur gonjang-ganjing!
2 Pangeran Yehuwah iku mahaagung ana ing
Sion,
luhure ngungkuli sakehing bangsa.

3 Kajengipun sami ngrepekaken pamuji
sokur dhumateng asma paduka ingkang
agung, saha nggegirisi punika.
Panjenenganipun punika suci!
4 Ratu ingkang santosa, ingkang remen
dhateng angger-angger,
Paduka ingkang njejegaken kaleresan,
angger-angger lan kaadilan wonten ing
antawising turunipun Rama Yakub,
Paduka ingkang nindakaken.
5 Linuhurna Pangeran Yehuwah, Gusti Allah
kita,
sarta padha sujuda nyembaha ana ing
ngarsane ancik-anciking sampeyane,
Panjenengane iku suci!
6 Nabi Musa lan Imam Harun iku
panunggalane para imame,
tuwin nabi Samuel iku panunggalane kang
padha nyebut asmane,
iku padha nyebut asmaning Yehuwah, nuli
kaparingan wangsulan.
7 Padha dipangandikani saka ing tugu mega,
kabeh wus padha netepi pepengete, sarta
pranatan kang diparingake.
8 Dhuh Yehuwah, Gusti Allah kawula sadaya,
Paduka sampun paring wangsulan
dhumateng tiyang wau sadaya.
Paduka punika Gusti Allah, ingkang remen
ngapunten tumrap para tiyang punika,
nanging ingkang ugi paring piwales
dhateng pandamelipun.
9 Padha ngluhurna Sang Yehuwah, Gusti Allah
kita,

sarta padha sujuda nyembaha ana ing
ngarsane gununge kang suci,
awit Pangeran Yehuwah, Gusti Allah kita
iku suci.

MASMUR 100

Ngluhurna Gusti Allah ana ing padalemane

100:1-5

100 [1] Masmur kanggo kurban atur
panuwun.
He bumi kabeh, padha surak-suraka ana ing
ngarsaning Yehuwah.
[2] Padha ngabektia marang Pangeran Yehuwah
kalawan sukarena,
padha sowan ing ngarsane kambi
surak-surak!
[3] Padha sumurupa manawa Pangeran
Yehuwah iku Gusti Allah,
Panjenengane iku kang nitahake kita lan
kita dadi kagungane,
umate lan pepanthan wedhus
ngenngenane.
[4] Padha lumebua liwat ing gapurane kalawan
memuji asmane,
lumebua ing platarane kalawan kidung
pangalembana,
ngaturna pamuji sokur lan ngluhurna
asmane.
[5] Amarga Pangeran Yehuwah iku becik,
sih-kasetyane iku kanggo ing salawase,
lan kasetyane lestari turun-tumurun.

MASMUR 101

Nadaring ratu

101:1-8

101 1 Masmur anggitane Prabu Dawud.
Kawula badhe ngidungaken
sih-susetyan lan angger-angger,
kawula badhe ngrepekakaken masmur
kagem Paduka, dhuh Yehuwah.
2 Kawula badhe migatosaken gesang ingkang
tanpa cacad:
Benjing punapa Paduka badhe nedhaki
kawula?
Kawula badhe gesang kanthi manah ingkang
resik
wonten ing griya kawula.
3 Kawula boten badhe manah
dhateng prakawis ingkang awon,
pandamelipun tiyang murtad punika kawula
sengiti,
boten badhe wonten ingkang lumengket
dhateng kawula.
4 Manah ingkang cidra badhe sumingkir
saking kawula,
kawula boten badhe purun tepang kaliyan
piawon.
5 Tiyang ingkang bebisikan ngawon-awon
dhateng sasaminipun,
punika badhe kawula tumpes,
tiyang ingkang kumalungkung saha
kumaluhur-luhur manahipun,

punika kawula boten remen.
6 Mripat kawula mandeng dhateng tiyang
ingkang sami tuhu-setya wonten ing
nagari,
supados sami manggen nunggil kaliyan
kawula.
Tiyang ingkang tanpa cacad lampahipun,
punika badhe ngladosi kawula.
7 Tiyang ingkang lampah culika
boten badhe manggen ing griya kawula,
sinten ingkang dora-cara
boten badhe tetep wonten ing ngajeng
kawula.
8 Saben enjing kawula badhe numpes
sakathahing tiyang duraka,
ingkang wonten ing nagari;
sakathahing tiyang ingkang lampah awon,
badhe kawula sirnakaken saking kithaning
Yehuwah.

MASMUR 102

Pandonga nyuwun tulung lan pandonga tumrap Sion

102:1-28 (102:1-29)

102 1 Pandongane wong sangsara nalika
lesu-lesah lan banjur ngesokake
pasambate ana ing ngarsaning Sang Yehuwah.
(102-2) Dhuh Yehuwah, Paduka mugi karsaa
miyarsakaken pandonga kawula,

anggen kawula sesambat nyuwun
pitulungan mugi sageda dumugi ing
ngarsa Paduka.
2 (102-3) Mugi sampun nyingidaken wedana
Paduka tumrap kawula
ing dinten karubedan kawula.
Mugi karsaa ngenglengaken talingan Paduka
dhateng kawula;
manawi kawula sesambat mugi enggal
kersaa paring wangsulan!
3 (102-4) Amargi dinten-dinten kawula telas
kados kukus,
balung kawula sami mengangah kados
prapen.
4 (102-5) Manah kawula pinupuh sarta alum
kados rumput,
ngantos kawul kasupen nedha roti kawula.
5 (102-6) Margi saking pasambat kawula
ingkang sora
kawula ngantos kantun lunglit.
6 (102-7) Kawula sampun kados peksi kontul
wonten ing ara-ara samun,
saha peksi beluk wonten ing jugrugan.
7 (102-8) Kawula boten saged tilem lan
sampun dados kados peksi
kepencil wonten ing payon.
8 (102-9) Sadinten muput kawula dipun
uman-uman dening para satru kawula,
tiyang ingkang sami damel dolanan kawula
supaos kaliyan nyebut nama kawula.
9 (102-10) Awit kawula nedha awu kadosdene
roti,

saha omben-omben kawula, kawula
campuri luh.
10 (102-11) Ingkang makaten punika margi
saking deduka lan bebendu Paduka,
kawula Paduka junjung lajeng Paduka
simpar.
11 (102-12) Dinten-dinten kawula kados
ayang-ayangan sangsaya panjang,
saha kawula piyambak alum kados
rumput.
12 (102-13) Nanging, dhuh Yehuwah, Paduka
ingkang adhedhampar ing salaminipun,
sarta asma Paduka tetep turun-tumurun.
13 (102-14) Paduka piyambak badhe
jumeneng paring piwelas dhateng Sion,
amargi sampun dumugi titimangsanipun
kaparingan sih,
sampun dumugi ing wancinipun.
14 (102-15) Awit para abdi Paduka sami
remen dhateng sela-selanipun,
sarta sami ngraos mesakaken dhateng
reremukanipun.
15 (102-16) Para bangsa banjur padha ering
marang asmaning Pangeran Yehuwah,
sarta sakehing para raja ing salumahing
bumi marang kaluhurane,
16 (102-17) manawa Sang Yehuwah wus
mbangun Sion
lan wus ngatingal kalawan ngagem
kamulyane
17 (102-18) sarta wus miyarsakake marang
pandongane para wong kang nandhang
kemlaratan,

sarta ora ngremehake marang
pandongane.
18 (102-19) Bab iki kareben cinathet kanggo
para turun ing tembe,
temah bangsa kang katitahake mengko
bakal padha ngluhurake Pangeran
Yehuwah,
19 (102-20) awit Pangeran wus nguningani
saka ing pasucene kang luhur,
sarta Sang Yehuwah wus mirsani saka ing
swarga marang ing bumi,
20 (102-21) prelu miyarsakake pasambate
wong tahanan,
tuwin ngluwari para wong kang wus
cinadhangake marang pati,
21 (102-22) supaya asmaning Sang Yehuwah
kawartakake ana ing Sion,
tuwin Panjenengane pinuji-puji ana ing
Yerusalem,
22 (102-23) samangsa para bangsa lan
sakehing karajan nglumpuk,
padha ngabekti marang Pangeran
Yehuwah.
23 (102-24) Panjenengane wus munggel
kakuwatanku ana ing dalan,
lan umurku dicendhakake.
24 (102-25) Aturku mangkene: “Dhuh Gusti
Allah kawula,
Paduka mugi sampun mundhut kawula ing
sapalihing umur kawula!
Taun-taun Paduka punika lestantun
turun-tumurun!”

25 (102-26) Kala rumiyin Paduka sampun nalesi bumi,
saha langit punika yasanipun asta Paduka.
26 (102-27) Punika sadaya badhe lebur,
nanging Paduka piyambak ingkang lestantun,
tuwin sanes-sanesipun sami lungsed kados pangangge,
lan badhe Paduka santuni kados jubah,
lajeng sami santun rupi,
27 (102-28) nanging Paduka piyambak boten ewah-gingsir,
saha taun-taun Paduka boten badhe wonten watesipun.
28 (102-29) Anakipun para abdi Paduka sami badhe manggen kaliyan tentrem,
saha turunipun sami lestantun wonten ing ngarsa Paduka

MASMUR 103

Heh nyawaku, saosa puji marang Pangeran Yehuwah

103:1-22

103 1 Anggitane Prabu Dawud.
Dhuh nyawaku, saosa puji marang Pangeran Yehuwah!
Heh isining batinku kabeh, memujia marang asmane kang suci!
2 Dhuh nyawaku, saosa puji marang Pangeran Yehuwah,
lan aja lali marang sakehing kasaenane!

3 Panjenengane kang ngapura sakehe
kaluputanmu,
lan maluyakake sakehe lelaramu.
4 Kang ngentas uripmu saka ing kubur,
lan makuthani kowe kalawan kadarman
lan kawelasan,
5 kang maregi kekarepanmu kalawan apa
kang becik,
temah kowe kaenomake maneh kaya
manuk garudha.
6 Pangeran Yehuwah paring adil
lan kabeneran marang sakehing wong
kang kinaniaya.
7 Nabi Musa wus disumurupake marang
margi-margine,
lan pakaryan-pakaryane marang wong
Israel.
8 Pangeran Yehuwah iku ambek welasan lan
ambek asih,
gedhe sabare lan luber sih-susetyane;
9 ora tansah ndedukani,
anggone duka ora ing salawase.
10 kang katandukake marang kita ora
timbang karo dosa kita,
anggone paring piwales marang kita ora
ing sabobote kaluputan kita,
11 nanging sapira dhuwure langit ngungkuli
bumi,
iya samono gedhene sih-kadarmane
tumrap para kang ngabekti marang
Panjenengane;
12 sapira dohe wetan saka ing kulon,

iya samono anggone nebihake panerak
kita saka ing kita.
13 Kayadene bapa anggone duwe piwelas
marang anak-anake,
iya kaya mangkono Yehuwah anggone
paring piwelas
marang para wong kang ngabekti marang
Panjenengane.
14 Amarga Panjenengane mirsa kadadean
kita iku saka apa,
sarta enget yen kita iki lebu.
15 Anadene manungsa iku dina-dinane kaya
suket,
kaya kembang ing ara-ara, kaya mangkono
anggone akembang;
16 manawa kasiliran ing angin, banjur wus
ora ana,
tilas panggonane wus ora wanuh marang
dheweke maneh.
17 Nanging sih-susetyaning Pangeran
Yehuwah,
iku wiwit ing kalanggengan, nganti tekan
ing kalanggengan, tumrap para wong
kang ngabekti marang Panjenengane,
apadene kaadilane tumrap para
anak-putune,
18 tumrap para wong kang padha ngandhemi
ing prasetyane
lan kang eling marang dhawuhe, nedya
diestokake.
19 Pangeran Yehuwah wus nyantosakake
dhampare ana ing swarga,

sarta karajane mengku samubarang
kabeh.
20 He para malaekate, para prawira prakosa
kang nglakoni apa sadhawuhe,
kalawan ngrungokake swaraning
pangandikane,
padha saosa puji marang Pangeran
Yehuwah.
21 He sakehing wadya-balane lan abdine
kang nglakoni sakarsane,
padha saosa puji marang Sang Yehuwah.
22 He sakehing yeyasane,
ing sawewengkone pangwasane,
padha saosa puji marang Sang Yehuwah!
He nyawaku, saosa puji marang Sang
Yehuwah.

MASMUR 104

Kaluhurane Pangeran Yehuwah ana ing sakehing titahe

104:1-35

104 1 Heh nyawaku saosa puji marang
Sang Yehuwah!
Dhuh Yehuwah, Gusti Allah kawula,
Paduka punika langkung dening agung,
Paduka ngagem busana keprabon gumebyar.
2 Paduka ingkang asingeb pepadhang
kadosdene nyamping,
mbeber langit kados tendha.
3 ingkang yasa kamar-kamar panggungan
Paduka wonten ing toya,

ingkang ndadosaken mega dados titihan
Paduka,
ingkang tindak ing luhuring swiwinipun
angin,
4 ingkang ndadosaken angin dados utusan
Paduka,
saha latu murub dados para pelados
Paduka.
5 Ingkang nalesi bumi wonten ing
ancik-ancikipun,
satemah boten gonjang-ganjing ing
salimi-laminipun.
6 Paduka krukub kaliyan samodra agung,
toyanipun minggah ngungkuli redi-redi.
7 Toya wau lumajeng ajrih dhateng
pangancam-ancam Paduka,
lumajeng bingung margi saking swantening
gludhug Paduka,
8 minggah ing redi, mandhap ing lebak,
dhateng panggenan ingkang sampun
Paduka temtokaken tumrap toya wau.
9 Watesipun Paduka tetepaken, boten badhe
dipun langkahi,
boten badhe wangsul ngelebi bumi.
10 Paduka ingkang ngilekaken toya dhateng
ing lebak-lebak,
mili ing sela-selaning redi-redi,
11 ngombeni sakathahing sato-kewan ing
ara-ara,
ngicali ngelakipun kuldi wanan,
12 ing sacelakipun dipun enggeni ing
peksi-peksi ing awang-awang,

ingkang sami ngoceh wonten ing
antawisipun ron-ronan.
13 Paduka ingkang paring pangomben
dhateng redi-redi saking ing dalem
panggungan Paduka,
bumi tuwuk margi saking wohing pakaryan
Paduka.
14 Paduka ingkang nuwuhaken rumput
kangge sato-kewan,
saha tetuwuhan, supados kapigunakaken
dening manungsa,
temah ngedalaken tetedhan saking ing
salebeting siti,
15 punapadene anggur ingkang
mbingahaken manahing manungsa,
ingkang damel rainipun manungsa sumringah
margi saking lisah,
saha tetedhan ingkang ngiyataken
manahipun tiyang.
16 Wit-witanipun Pangeran Yehuwah sami
tuwuk,
wit eres ing Libanon tanemanipun,
17 papan panusuhipun peksi-peksi,
peksi kasidah ingkang ngenggeni wit
beros;
18 redi-redi ingkang inggil dados
padununganipun menda wanan,
lan parang-parang dados papan
pandhelikaning kancil.
19 Paduka ingkang ndadosaken rembulan
dados pananggalan;
surya ingkang sumerep wekdal anggenipun
serap.

20 Manawi Paduka ndhatengaken pepeteng,
lajeng dados dalu,
ing wekdal punika sakathahing sato-kewan
ing wana sami saba.
21 Singa nem sami nggero-gero betah
memangsan,
lan ngadhang-adhang pakan saking Gusti
Allah.
22 Ing wanci pletheking surya sami ngempal,
sarta ngglethak wonten ing guwa
pandhelikanipun.
23 Dene manungsa lajeng mangkat dhateng
ing padamelanipun,
saha dhateng ing panggaotanipun ngantos
ing wanci sonten.
24 Saestu kathah sanget yeyasan Paduka
punika, dhuh Yehuwah,
sadaya wau sami Paduka titahaken klayan
kawicaksanan;
saindenging bumi kebak ing titah Paduka.
25 Lah punika samodra, ageng lan wiyar
tebanipun,
ing ngriku kemruwet kewan-kewan ageng
alit,
tanpa wicalan kathahipun.
26 Ing ngriku kapal-kapal sami lelayaran,
saha Lewiyatan ingkang Paduka titahaken,
Paduka damel lelangen.
27 Sadaya sami ngajeng-ajeng dhateng
Paduka,
supados kaparingan tedha ing wancinipun.
28 Manawi Paduka paringaken, lajeng
tinampenan,

yen Paduka ngegaraken asta Paduka,
sadaya sami katuwukan ing kasaenan.
29 Manawi Paduka nyingidaken wedana Paduka,
sadaya sami gragapan;
manawi Paduka mundhut nyawanipun, lajeng sami pejah,
lan wangsul dados lebu malih.
30 Manawi Paduka maringaken Roh Paduka, lajeng sami tumitah,
saha lumahing bumi Paduka dadosaken enggal.
31 Kaluhuraning Sang Yehuwah langgenga ing salawase,
Pangeran Yehuwah karenana marga saka pakaryane.
32 Panjenengane kang mirsani bumi ndadekake gumetere,
gunung-gunung kaasta, banjur ngwetokake kukus.
33 Sajegku urip aku arep ngidung kagem Sang Yehuwah,
salawase aku ana, aku arep ngidung masmur,
konjuk marang Gusti Allah.
34 Muga anggonku nggagas-nggagas ana ing ngarsane iki kapireng ing Panjenengane!
Aku bakal tansah bungah-bungah marga saka Pangeran Yehuwah.
35 Para wong dosa ing bumiku cikben tumpes,
lan para wong duraka cikben ora ana maneh!

Heh nyawaku, ngluhurna asmane Pangeran
Yehuwah!
Haleluya!

MASMUR 105

Kidung pamuji tumrap pakaryane Gusti Allah kang wus kelakon

105:1-45

105 1 Padha saosa puji sokur marang
Pangeran Yehuwah, padha nyebuta
asmane,
pakaryane padha suwurna ana ing
antarane para bangsa!
2 Padha ngidunga kagem Panjenengane,
kidungna kalawan masmur;
saliring pakaryane kang elok padha
caritakna!
3 Padha ngegung-egungna asmane kang suci,
atine para wong kang padha ngupaya
Pangeran Yehuwah dimen padha
bungah.
4 Padha ngupayaa marang Pangeran Yehuwah
lan kasantosane,
padha tansah ngupayaa wedanane!
5 Padha ngelingana marang kaelokane kang
wus padha katindakake,
tandha-tandhane kang elok-elok lan
pepancasan kang dingandikakake,
6 he para putra-wayahe Rama Abraham,
abdine,
he para putrane Rama Yakub, pepilihane!

7 Iya panjenengane iku Pangeran Yehuwah,
Gusti Allah kita,
pepancasane nyrambahi ing salumahing
bumi.
8 Panjenengane ngengeti ing prasetyane
nganti ing salawas-lawase,
yaiku sabda kang wus didhawuhake
marang sewu turunan,
9 kang wus didamel karo Rama Abraham,
lan supaose marang Rama Iskak;
10 kang ditetepake dadi pranatan kanggo
Rama Yakub,
dadi prajanjian langgeng kanggo bangsa
Israel,
11 mangkene pangandikane: “Sira bakal
Sunparingi tanah Kanaan,
dadi tanah pusaka kang katemtokake
kanggo sira.”
12 Nalika cacahe durung sapiraa,
mung sethithik, tur dadi wong ngamanca
ana ing kono.
13 Sarta padha ngumbara saka panggonane
bangsa kang siji, menyang panggonane
bangsa sijine,
saka ing karajan kang siji menyang
panggonane suku bangsa sijine;
14 Panjenengane ora marengake yen ngantia
padha dianiaya dening sapa-sapaa,
para ratu padha diukum marga saka
dheweke kabeh;
15 pangandikane: “Para jebadaningSun aja
nganti sira ganggu-gawe,

lan aja nandukake piala marang para
nabiningSun!”
16 Nalika Panjenengane ndhatengake pailan
ana ing nagara kono,
lan sakehe tandhon pangan disirnakake,
17 banjur ana wong kang kautus ndhisiki
dheweke kabeh:
Yusuf kang kaedol dadi batur tukon.
18 Sikile dibelok,
gulune rinante ing wesi,
19 nganti tumeka ing titimangsane
pangandikane kelakon,
sarta pancasaning Yehuwah mbenerake
dheweke.
20 Sang Prabu nuli dhawuh ngluwari,
pangwasane para bangsa kang ngluwari.
21 Nuli dikarsakakake dadi lelurahing
kadhatone,
lan tinanggenah mengku apa sakagungane
Sang Prabu kabeh,
22 diparengake ngereh para panggedhe
abdine Sang Prabu sakarsane piyambak,
sarta memulang kawicaksanan marang
para tetuwane.
23 Mangkono Rama Israel banjur rawuh ing
tanah Mesir,
lan Rama Yakub dadi wong neneka ana ing
tanahe Kham.
24 Pangeran Yehuwah banjur ndadosake
umate tangkar-tumangkar,
kadadekake santosa ngluwihi para
mungsuhe;

25 atine mungsuhe mau diwalik temah padha sengit marang umate Gusti Allah,
sarta abdine padha dipitenah.
26 Gusti Allah tumuli ngutus Nabi Musa, abdine,
lan Imam Harun pepilihane.
27 Sakarone nganakake kaelokaning Pangeran ana ing tengahe,
sarta mukjijat ana ing tanah Kham.
28 Pangeran ndhatengakake pegowong, temah dadi peteng,
nanging padha mbangkang marang pangandikane;
29 banyune kasabdakake malih dadi getih,
sarta iwake padha dipateni.
30 Kodhok-kodhok padha uyel-uyelan ana ing negarane,
malah nganti tekan ing kamar-kamare rajane.
31 Gusti Allah ngandika, banjur katekan laler cathak,
lan lemud-lemud ing satanah kabeh;
32 Panjenengane ndhawahake udan es dadi gegantine udan ing kono,
lan geni kang mulad-mulad ing negarane;
33 wit anggur lan anjir padha karubuhake,
lan sakehing wit-witan ing tlatahe disempali.
34 Gusti Allah ngandika, banjur ana walang,
lan iku walang memangsa kang tanpa wilangan kehe,
35 banjur mangsa sakehe tetuwuhan ing negarane,

sarta ngganyang sapametuning
palemahane.
36 Pangeran numpes sakehe anak pembarep
ing negarane,
wohing kekuatane kang kawitan.
37 Umate nuli diirid metu kalawan nggawa
salaka lan emas,
lan panunggalane sakehing talere ora ana
kang kajengklok siji-sijia.
38 Nalika metune mau wong Mesir padha
bungah-bungah,
amarga wong Mesir padha ketaman wedi
marang dheweke kabeh.
39 Gusti Allah nggelar mega kagawe mayungi
umate,
tuwin geni kang madhangi ing wayah
bengi.
40 Para leluhur padha nyenyuwun, Gusti Allah
nuli ndhatengake manuk gemak,
sarta maregi umate kalawan roti saka ing
langit.
41 Pangeran mbengkahake parang, banjur
ana banyu mancur,
kang mili kaya kali ana ing tanah garing.
42 Iku marga Panjenengane ngengeti marang
pangandikane kang suci,
marang Rama Abraham abdine.
43 Gusti Allah ngirid umate metu kalawan
bungah-bungah,
sarta pepilihane kalawan surak-surak.
44 Padha diparingi negarane para bangsa,
temah padha tampa oleh-olehane
rekasane para bangsa,

45 supaya padha tetep nindakake pranatane
Gusti Allah,
lan ngestokake marang sakehe piwulange.
Haleluya!

MASMUR 106

Sih-susetyane Gusti Allah lan wangkoting atine bangsa Israel

106:1-48

106 1 Haleluya!
Padha saosa puji sokur marang
Pangeran Yehuwah, awitdene
Panjenengane iku sae!
Sih-susetyane iku langgeng ing salawase.
2 Sapa kang bisa nyaritakake pakaryaning
Sang Yehuwah kang linuwih,
tuwin martakake sakehing pangalembana
marang Panjenengane?
3 Rahayu wong kang netepi angger-angger,
kang nindakake kaadilan ing salawas-
lawase.
4 Dhuh Yehuwah, kawula mugi Paduka engeti,
awit saking kamirahan Paduka dhateng
umat Paduka,
Paduka mugi kersaa migatosaken
dhumateng kawula demi karahayon
Paduka,
5 supados kawula sageda ningali
kabegjanipun para pepilihan Paduka,

supados kawula tumuta bingah ing
salebeting kabingahanipun umat
Paduka,
sarta supados saged nglairaken
panggunggung sesarengan kaliyan umat
kagungan Paduka piyambak.
6 Kawula sadaya kaliyan para leluhur kawula,
sampun sami nglampahi dosa,
kawula sampun sami lepat sarta nglampahi
duraka.
7 Para leluhur kawula nalika wonten ing tanah
Mesir,
sami boten mangertos dhumateng
kaelokan Paduka,
sami boten enget dhateng agenging
sih-kadarman Paduka,
malah sami mbalela dhumateng Ingkang
Mahaluhur,
wonten ing pinggiripun seganten Teberau.
8 Ewadene padha dipitulungi slamet Gusti
Allah marga saka asmane,
supaya padha sumurupa marang
kakiyatane.
9 Segara Teberau didukani temah dadi asat,
para leluhur banjur padha dilakokake ana
ing samodra agung,
kayadene liwat ing ara-ara samun.
10 Kaya mangkono anggone padha diluwari
saka ing tanganing wong kang sengit,
sarta padha diuwalake saka ing tanganing
mungsuh.
11 Mungsuhe padha kasasaban ing banyu,
ora ana kang kari siji-sijia.

12 Nalika iku para leluhur banjur padha
ngandel marang pangandikane,
sarta ngidungake pepujian katur ing
Panjenengane.
13 Nanging banjur enggal padha lali marang
pakaryane,
lan ora nyrantekakake marang pitedahe;
14 padha ngumbar hawa-napsune ana ing
segara wedhi,
sarta nyoba marang Gusti Allah ana ing
ara-ara samun.
15 Padha diuja kekarepane,
nanging awake uga banjur diganjar lelara
nglayung.
16 Sawuse mangkono padha meri marang
Nabi Musa ana ing pakemahan,
tuwin marang Imam Harun, abdining
Pangeran Yehuwah kang suci.
17 Bumi tumuli bengkah nguntal Dhatan,
sarta ngingkemi grombolane Abiram.
18 Ana geni kang mulad-mulad ing tengahe
grombolan mau,
lan urube nggesengake para wong kang
duraka iku.
19 Ana ing gunung Horeb padha gawe reca
pedhet,
sarta sujud marang reca cithakan;
20 padha ngijolake Kamulyane
kalawan wewujudan sapi lanang kang
mangan suket.
21 Padha lali marang Gusti Allah juru
Pangluwarane,

kang wus nindakake prakara-prakara kang
gedhe ana ing tanah Mesir;
22 pandamel-pandamel kang elok ana ing
tanahe Kham,
pandamel-pandamel kang nggegirisi ana
ing sapinggire segara Teberau.
23 Mulane Pangeran ngandika bakal numpes
para leluhur,
yen ajaa Nabi Musa pepilihane, nengahi
ana ing ngarsaning Pangeran,
nyirep bebendune temah Panjenengane
ora sida nyirnakake para leluhur.
24 Para leluhur padha ngemohi negara kang
adi iku,
padha ora ngandel marang pangandikane,
25 malah padha pating kedumel ana ing
kemahe,
lan ora ngrungokake marang swantene
Pangeran Yehuwah,
26 mulane Pangeran banjur ngagagake
astane marang para leluhur,
arep padha dipateni ana ing ara-ara
samun,
27 sarta turune bakal padha dibuyarake ana
ing antarane para bangsa,
lan disebar menyang ing negara-negara.
28 Apadene padha rumaket marang Baal-Peor,
sarta mangan kurban-kurban sembelehan
kanggo wong mati.
29 Dadi padha gawe gerahe panggalihe
Pangeran Yehuwah marga saka
pratingkahe mau,
mulane padha katempuh ing wewelak.

30 Pinehas tumuli tumandang nindakake
pangadilan,
temah wewelak mau banjur sirep.
31 Bab iku kapetung dadi jasane turun-
tumurun ing salawas-lawase.
32 Ana ing sacedhake banyu ing Meriba,
para leluhur padha gawe dukaning Allah,
satemah Nabi Musa banjur ketaman ing
karubedan,
marga saka para leluhur mau,
33 amarga para leluhur padha njalari dukane
Nabi Musa,
nganti panjenengane ketrucut anggone
ngandika.
34 Para bangsa padha ora dibengkas,
kaya kang wus kadhawuhake dening
Pangeran Yehuwah marang para leluhur,
35 nanging padha tetunggalan karo para
bangsa mau,
lan niru pratingkahe,
36 brahalane padha disembah,
temah dadi kalajiret tumrap para leluhur.
37 Padha ngurbanake anak-anake lanang,
lan anak-anake wadon marang para roh
reged,
38 dadi padha ngwutahake getihe wong kang
ora luput,
iya iku getihe anake lanang lan wadon,
kang padha disembeleh dadi sesajen marang
brahalane wong Kanaan,
temah negara kono banjur najis awit saka
anggone utang getih mau.

39 Padha najisake awake dhewe srana
pratingkahe iku,
sarta padha laku jina ing sajroning
panggawene mau.
40 Mulane bebenduning Pangeran Yehuwah
mulad-mulad marang umate,
sarta ewa marang bangsa kagungane
piyambak iku,
41 banjur padha diulungake marang ing
tangane bangsa liyan,
satemah kawasesa ing wong kang padha
nyengiti.
42 Padha kaindhes-indhes dening mungsuhe,
satemah teluk marang ing pangwasane.
43 Wus bola-bali anggone padha dipitulungi
dening Gusti Allah,
nanging padha mbalela wae kanthi
rancangan-rancangane,
padha kerem ing sajroning kaluputane.
44 Ewadene Gusti Allah mirsani ing
karubedane,
nalika miyarsa pasambate.
45 Panjenengane enget marang prasetyane
marga saka para leluhur mau,
temah kaduwung marga saka gedhening
sih-kadarmane.
46 Padha diparengake oleh kawelasan
saka ing sakehing wong kang padha
nawan.
47 Dhuh Yehuwah, Gusti Allah kawula, kawula
mugi Paduka luwari,
sami kaklempakna saking ing antawisipun
para bangsa,

supados kawula sami ngucap sokur
dhumateng asma Paduka ingkang suci,
sami ageng ing manah kalayan ngaturaken
pepujian dhumateng Paduka.
48 Pinujia Pangeran Yehuwah, Gusti Allahe
Israel,
saka ing kalanggengan tumeka ing
kalanggengan
sarta umate kabeh padha ngucapa: “Amin!”
Haleluya!

JILID V: MASMUR 107-150

Kidung panuwun rerepene para wong kang tinebus dening Pangeran Yehuwah

107:1-43

107 1 Padha saosa puji sokur marang
Sang Yehuwah, awitdene
Panjenengane iku sae!
Ujer sih-susetyane iku langgeng ing
salawase.
2 Mangkono pangucape para wong kang
padha katebus dening Yehuwah,
kang ditebus saka ing pangwasane kang
gawe susah,
3 kang dikumpulake saka ing nagara-nagara,
saka ing tanah wetan lan kulon,
saka ing lor lan saka ing kidul.
4 Ana wong kang padha nglambrang ana ing
ara-ara samun,
ora nemu dalan kang anjog marang ing
kutha kang dienggoni ing wong.

5 padha kaluwen lan kasatan,
nyawane kasulayah banget.
6 Sajroning karubedane mau nuli padha
sesambat marang Pangeran Yehuwah,
banjur padha diluwari saka ing sangsarane,
7 ditedahi dalan kang bener,
temah banjur tekan ing kutha kang
dienggoni ing wong.
8 Wong mau kareben padha ngaturake
panuwun marang Sang Yehuwah,
marga saka sih-susetyane,
marga saka kaelokane marang para
anaking manungsa,
9 awitdene Pangeran karsa maregi nyawane
wong kang kasatan,
sarta nyawa kang kaluwen kawaregan ing
kabecikan.
10 Ana wong kang padha ana ing pepeteng
lan ing palimengan,
kinurung ing sangsara lan wesi.
11 Sarehne padha mbalela marang
pepakoning Allah,
sarta ngremehake marang pitadahe Kang
Mahaluhur,
12 mulane ditelukake atine kalawan
kasusahan,
padha kejlungup, ora ana kang mitulungi.
13 Ing sajroning karubedane iku, bareng
padha sesambat marang Pangeran
Yehuwah,
banjur padha diluwari saka ing
kasangsarane,
14 diluwari saka ing pepeteng lan palimengan,

sarta ranten padha dipedhoti.
15 Wong iku kareben padha ngaturake
panuwun marang Pangeran Yehuwah
awit saka sih-susetyane,
lan kaelokane marang para anaking
manungsa;
16 awit Pangeran wus karsa mbejadi
lawang-lawang tembaga,
sarta nugeli slarak-slarake wesi.
17 Ana wong kang padha nandhang lara awit
saka panggawene kang dosa,
lan siniksa marga saka kaluputane.
18 Wis padha bosen marang sarupaning
pangan,
lan wus padha tekan ing gapuraning pati.
19 Ing sajroning karupekane mau nuli padha
sesambat marang Sang Yehuwah,
banjur padha diluwari saka ing
kasusahane.
20 Pangeran paring pangandika sarta tumuli
padha diwaluyakake,
padha oncat saka ing luwenging kubur.
21 Wong iku mau kareben padha ngaturake
panuwun marang Pangeran Yehuwah,
awit saka sih-kadarmane,
lan marga saka kaelokane marang para
anaking manungsa,
22 sarta kareben padha nyaosake kurban
pamuji sokur
tuwin nyaritakake pakaryane Gusti Allah
kalawan surak-surak.
23 Ana wong kang nyabrangi segara kalawan
prau,

kang laku dagang ana ing samodra kang
nglangut,
24 padha ndeleng pakaryaning Sang Yehuwah
lan pandamele kang elok ana ing telenging
segara.
25 Pangeran ngandika sarta ndhatengake
prahara,
kang ngumbulake ombak-ombake,
26 wonge padha mumbul tekan ing langit lan
padha mudhun marang ing samodra
gedhe,
nyawane remuk marga saka kacilakan iku,
27 padha mumet lan sempoyongan kaya
wong mendem,
sarta entek akale.
28 Ing sajroning karubedane iku nuli padha
sesambat marang Pangeran Yehuwah,
banjur padha diluwari saka ing
karubedane;
29 praharane kasirep
lan ombake segara padha anteng.
30 Wong-wong mau padha bungah, awit
kaanane kabeh wus tentrem,
sarta banjur dituntun menyang ing
pelabuhan kang disenengi.
31 Wong iku kareben padha ngaturake
panuwun marang Yehuwah, awit saka
sih-susetyane,
marga saka kaelokane marang para
anaking manungsa.
32 Wong mau kareben padha ngluhurake
Pangeran ana ing pasamuwaning umat
iku,

sarta memuji marang Panjenengane ana
ing pakumpulane para pinituwa.
33 Kali-kali kadadekake segara wedhi,
sarta tuking banyu didadekake lemah
cengkar,
34 tanah subur didadekake bumi asin,
kang mangkono iku awit saka pialane
wong kang padha ngenggoni,
35 ara-ara samun kadadekake blumbang,
tuwin tanah cengkar didadekake sumber,
36 wong kang keluwen banjur padha
dinungake ana ing kono,
nuli padha mbangun kutha kang dienggoni,
37 tumuli padha nyebar ana ing pategalan lan
gawe pakebonan anggur,
kang metokake woh-wohan minangka
pametune.
38 Anadene wong iku padha banget diberkahi
dening Pangeran, temah banjur banget
anggone ngambra-ambra,
tuwin raja-kayane padha didadekake
nak-kumanak.
39 Nanging banjur suda-suda lan ngrekasa,
awit saka pameteking sangsara lan
kasusahan.
40 Pangeran banjur ngesoki kawirangan
marang para panggedhe,
padha kadadekake nglambrang ana ing
pasamunan, kang ora ana dalane.
41 Nanging wong mlarat padha diayomi
supaya ora katindhes,

sarta anak-putune padha ditangkar-
tangkarake kaya pepanthan wedhus
kehe.
42 Para wong mursid padha weruh banjur
padha bungah,
nanging sakehing kaculikan padha
mingkem.
43 Sapa wong kang wicaksana? Iku becik
gondhelana marang prakara iku kabeh,
sarta nggatekna marang sih-kadarmaning
Yehuwah.

MASMUR 108

Pangucap sokur lan pandonga

108:1-13 (108:1-14)

108 1 Kidung. Masmur anggitane Prabu
Dawud.
(108-2) Manah kawula sampun cumawis,
dhuh Allah,
kawula badhe ngidung, kawula badhe
ngrepekaken masmur.
Tangia, heh nyawaku.
2 (108-3) He slukat lan clempung padha
tangia!
bangbang wetan arep dakgugah.
3 (108-4) Kawula badhe ngunjukaken pamuji
sokur dhumateng Paduka wonten
ing satengahipun para bangsa, dhuh
Yehuwah

saha badhe ngidungaken masmur kagem
Paduka wonten ing tengahipun para
suku bangsa;
4 (108-5) awit sih-kadarman Paduka punika
agengipun ngungkuli langit,
saha kasetyan Paduka ngantos sundhul ing
mega.
5 (108-6) Dhuh Allah, Paduka mugi karsaa
ngluhuraken sarira ngantos ngungkuli
langit,
saha kamulyan Paduka supados
ngungkulana bumi sadaya.
6 (108-7) Supados para kekasih paduka sami
saged oncat;
mugi Paduka kersaa maringi pangluwaran
klayan asta Paduka tengen,
saha kersaa paring wangsulan dhumateng
kawula.
7 (108-8) Gusti Allah wus ngandika ana ing
pasucene:
“Ingsun arsa surak-surak;
tanah Sikhem bakal Sunbagi-bagi, lebak
Sukot arep Sunukur,
8 (108-9) Gilead iku kagunganingSun,
Manasye iku kagunganingSun,
Efraim iku tetoponging mastakaningSun,
Yahuda iku jungkating kapraboningSun,
9 (108-10) Moab iku papan pawijikaningSun,
Edom Sununcali trumpahingSun,
lan marga saka tanah Filisti
Ingsun asurak-surak.”
10 (108-11) Sapa kang bakal ngirid aku
lumebu marang kutha kang santosa?

Sapa kang nuntun aku menyang ing tanah Edom?
11 (108-12) Dhuh Allah, punapa sanes Paduka piyambak ingkang sampun nampik kawula,
sarta boten miyos sesarengan kaliyan bala kawula, dhuh Allah?
12 (108-13) Paduka mugi karsaa paring pitulungan nglawan mengsah,
awit pambiyantunipun manungsa punika tanpa gina.
13 (108-14) Marga saka Gusti Allah, kita bakal padha nindakake panggawe-panggawe kang prawira,
sarta Gusti Allah piyambak bakal ngiles-iles para mungsuh kita.

MASMUR 109

Pandongane wong kang kapitenah

109:1-31

109 1 Kanggo lurah pasindhen. Masmur anggitane Parabu Dawud.
Dhuh Allah pepujan kawula, Paduka mugi sampun kendel,
2 awitdene cangkemipun tiyang duraka kaliyan cangkemipun tiyang cidra kaangapaken dhateng kawula,
sarta kawula dipun ungel-ungeli kaliyan ilat dora,
3 kawula dipun tempuh klayan tembung-tembung sesengitan,

saha dipun perangi tanpa sabab.
4 Minangka piwales tumrap katresnan kawula
sami nggigat kawula,
mangka sami kawula dongakaken,
5 kasaenan kawula dipun wales piawon,
saha katresnan kawula kawales sengit.
6 “Netepna tiyang duraka ingkang masesani
piyambakipun
lan tukang nggigat wonten ing sisih
tengenipun.
7 Samangsa dipun adili katetepna
kalepatanipun,
saha pandonganipun kaanggepa dosa;
8 umuripun kacelakna,
kalenggahanipun kaalapa dening tiyang
sanes;
9 anakipun sami dadosa lola,
tuwin semahipun dadosa randha.
10 Anak-anakipun kajengipun nglambrang
boten kantenan lan ngemis,
sarta katundhung saking jugruganing
griyanipun.
11 Ingkang potang mbeslaha sabarang
darbekipun,
sarta tiyang sanes sami ngrayaha
angsal-angsalaning ngrekaosipun;
12 sampun ngantos lestantun manggih sih
piwelasipun tiyang,
saha sampun ngantos wonten ingkang
melasi dhateng anakipun ingkang
sampun dados lola;
13 saturunipun sami tumpesa,

tuwin namanipun kasirnakna ing turun
candhakipun,
14 piawoning para leluhuripun kaengetana
wonten ing ngarsaning Yehuwah,
sarta dosaning biyungipun sampun
ngantos kalebur,
15 kajengipun tansah kagalih dening
Pangeran Yehuwah,
supados pangenget-enget dhateng tiyang
punika dipun bengkas saking bumi,
16 awitdene boten enget nindakaken
katresnan,
nanging ngoyak-oyak tiyang ingkang
kesrakat sarta mlarat
tuwin ingkang pepes manahipun ngantos
sami nemahi pejah.
17 Sarehning remen ngucapaken ipat-ipat,
mila sami katamana ing ipat-ipatipun
piyambak;
sarehning boten remen dhateng berkah,
mila mugi berkah inggih nebiha saking
piyambakipun.
18 Ipat-ipat dipun angge kados rasukan,
mila rumesepa ing badanipun kados toya,
tuwin kados lisah ing balungipun,
19 inggih dadosa kados sandhangan ingkang
dipun angge,
sarta sabuk ingkang tansah dipun angge.
20 Sadaya punika dadosa pituwas,
ganjaranipun Pangeran Yehuwah
dhateng tiyang ingkang sami ndakwa
kawula,
sarta ingkang sami ngawon-awon kawula."

21 Nanging Paduka, dhuh Yehuwah, Gusti kawula,
Paduka mugi kersaa tumindak tumrap kawula
awit saking asma Paduka,
kawula mugi Paduka luwari awit saking sih-kadarman Paduka ingkang linangkung punika.
22 Kawula nandhang sangsara saha kakirangan
saha manah kawula karujit-rujit wonten ing batos kawula,
23 kawula ngical kados wewayangan ingkang sangsaya panjang,
kawula kakebutaken kados walang.
24 Dhengkul kawula lemes margi anggen kawula siyam,
sarta badan kawula dados kera, katelasan gajih.
25 Kawula sampun dados cecampahanipun tiyang-tiyang punika,
saben ningali kawula sami gedheg-gedheg.
26 Dhuh Yehuwah, Gusti Allah kawula,
kawula mugi Paduka pitulungi,
kawula mugi Paduka luwari, laras kaliyan sih-kadarman Paduka,
27 supados sami sumerepa, bilih punika asta Paduka,
bilih Paduka, dhuh Yehuwah, ingkang nindakaken punika.
28 Kajengipun sami nyupatani, Paduka badhe mberkahi,

kajengipun mengsah-mengsah kawula
sami nandhang wirang,
nanging abdi Paduka manggiha
kabingahan.
29 Tiyang ingkang sami nglawan kawula mugi
sami kasandhangana wirang,
sami kalimputana ing kawirangan
kadosdene mawi jubah.
30 Banget anggonku arep ngaturake panuwun
marang Pangeran Yehuwah kalawan
cangkemku,
sarta Panjenengane arep dakluhurake ana
ing satengahing wong akeh,
31 awitdene Pangeran jumeneng ana ing
satengene wong papa,
arep ngluwari saka para wong kang
ngukum.

MASMUR 110

Jumenenge Ratu-Imam

110:1-7

110 1 Masmur anggitane Prabu Dawud.
Pangandikanipun Pangeran Yehuwah
dhateng Gusti kawula makaten:
“Sira lenggaha ana ing tengeningSun,
nganti tumeka mungsuhira
wus padha Sundadekake ancik-anciking
tlapakanira.”
2 Pangeran Yehuwah badhe ngacungaken
tekening panguwaos Paduka saking
Sion;

Paduka ngastaa pamisesa wonten ing
tengahipun mengsah Paduka!
3 Ing dinten nglempaking wadya-bala Paduka
umat kagungan Paduka kaliyan legawa
badhe majeng kanthi rinengga ing
kasucen;
saking guwa-garbaning bangbang wetan
kaaneman Paduka medal kados ebun.
4 Pangeran Yehuwah sampun supaos,
sarta badhe boten keduwung:
“Sira iku dadi Imam ing salawas-lawase
manut tatanane Melkisedhek.”
5 Pangeran wonten ing tengen Paduka,
ngremuk para raja pinten-pinten ing
dintening bebendunipun;
6 Pangeran ngadili wonten ing antawisipun
para bangsa ngantos bathang-bathang
sami pating glimpang.
Panjenenganipun ngejur tiyang-tiyang
ingkang dados pangageng ing nagari
ingkang wiyar.
7 Wonten pinggir margi Panjenenganipun
ngunjuk ing lepen,
temah ndengengekaken mastakanipun.

MASMUR 111

Kasaenane Gusti Allah

111:1-10

111 1 Haleluya!
Pangeran Yehuwah arep dakcaosi
pamuji sokur kalawan gumolonging
atiku,
ana ing pakumpulane para wong mursid
lan ana ing pasamuwan.
2 Pakaryane Sang Yehuwah iku agung,
patut dititi-priksa dening sakehing wong
kang kasengsem.
3 Pakaryane iku agung lan mulya,
tuwin kaadilane tetep ing salawas-lawase.
4 Kaelokane wus didadekake pangeling-eling;
Pangeran Yehuwah iku sih-mirma sarta
welasan.
5 Para wong kang ngabekti marang
Panjenengane iku padha diparingi
pangan,
prajanjiane diengeti ing salawase.
6 Daya-kekiyataning pakaryane wus
ditedahake marang umate,
padha diparingi tanah pusakane para
bangsa.
7 Pakaryaning astane iku kabeneran lan
kaadilan,
sakehing prentahe iku padha kena
diugemi,
8 salawas-lawase lan ing sateruse kukuh,

katindakake kalawan bener lan jujur.
9 Umate pinaringan pangentasan,
Gusti Allah dhawuh supaya prajanjiane iku kanggo ing salawas-lawase,
asmane iku suci sarta nggegirisi.
10 Pangabekti marang Pangeran Yehuwah iku wiwitaning kawicaksanan,
sarupaning wong kang nglakoni iku padha duwe budi padhang.
Pangalembana marang Gusti Allah iku langgeng ing salawase.

MASMUR 112

Rahayu wong kang bener

112:1-10

112 1 Haleluya!
Rahayu wong kang ngabekti marang Pangeran Yehuwah,
kang banget kasengsem marang sakehing pepakone,
2 anak-putune bakal santosa ana ing bumi,
turune wong bener bakal diberkahi,
3 omahe kanggonan bandha lan kasugihan,
sarta kautamane iku tetep ing salawas-lawase.
4 Ing sajroning peteng wong kang bener kaplethekan pepadhang,
tresna welasan lan adil.
5 Begja wong kang kadunungan welas lan nyenyilihake,

kang ngrampungake urusane kanthi samesthine,
6 sabab ora bakal gonjing ing salawase,
wong kang mursid iku bakal pinengetan ing salawase,
7 ora wedi marang kabar kang ala,
atine teteg, kumandel banget marang Pangeran Yehuwah,
8 atine santosa, ora kadunungan wedi,
temah nganggep remeh marang para satrune.
9 Blaba pawewehe, adedana marang wong miskin,
kamursidane tetep ing salawas-lawase,
sungune bakal saya dhuwur ing sajroning kamulyan.
10 Wong duraka padha ndeleng, banjur lara atine,
nggeget untu banjur luluh;
pepenginane wong duraka iku tumuju marang ing karusakan.

MASMUR 113

Pangeran Yehuwah njunjung wong asor

113:1-9

113 1 Haleluya!
He para abdining Pangeran Yehuwah, padha saosa puji,
padha saosa puji marang asmaning Sang Yehuwah.
2 Asmaning Sang Yehuwah kasuwurna,

ing saiki lan ing salawase.
3 Asmaning Sang Yehuwah pinuji-pujia
saka papan pletheking srengenge nganti
tekan ing papan surupe;
4 Pangeran Yehuwah iku luhur ngungkuli
sakehe para bangsa,
kamulyane ngungkuli langit.
5 Sapa kang kaya Pangeran Yehuwah, Allah
kita,
kang dedalem ing ngaluhur,
6 kang ngesorake sarira prelu nguningani,
swarga lan bumi?
7 Wong asor dijunjung saka ing lebu
lan wong mlarat dientas saka ing
blethokan,
8 kalungguhake awor lan para panggedhe,
awor lan para panggedhe bangsane.
9 Wong kang gabug dilungguhake ing omah,
dadi ibune bocah-bocah, mulane kebak
kabungahan.
Haleluya!

MASMUR 114

Lelakon kang elok, nalika Israel metu saka ing tanah Mesir

114:1-18

114 1 Nalika Israel budhal saka ing tanah
Mesir,
nalika turune Yakub metu saka ing tengahe
bangsa kang seje basane,
2 nuli Yahuda dadi papan pasucene,

Israel dadi wewengkoning pangwaose.
3 Segara weruh banjur lumayu,
bengawan Yarden bali mandhuwur,
4 gunung-gunung padha mencolot-mencolot
kaya wedhus lanang,
tengger-tengger padha lincak-lincak kaya
cempe.
5 He segara, kena ngapa dene kowe kok
lumayu?
He bengawan Yarden, dene kowe bali
mandhuwur,
6 he gunung-gunung, dene kowe padha
cecolotan kaya wedhus lanang?
He tengger-tengger, dene kowe padha
lincak-lincak kaya cempe?
7 Gumetera he bumi, ana ing ngarsane
Pangeran,
ana ing ngarsane Gusti Allahe Rama
Yakub,
8 kang ngowahi parang dadi blumbang,
tuwin watu kang atos dadi sendhang.

MASMUR 115

Kamulyan mung kagem Gusti Allah

115:1-18

115 1 Dhuh Yehuwah, sampun dhateng
kawula, sampun dhateng kawula,
ngemungna dhateng asma Paduka anggen
Paduka paring kamulyan,
awit saking sih Paduka, margi saking
kasetyan Paduka.

2 Punapaa dene para bangsa ngantos sami
badhe ngucap:
“Allahe wong-wong iku ana ing ngendi?”
3 Allah kita ana ing swarga;
nindakake ing sakarsane.
4 Brahalane para bangsa mau selaka lan mas,
garapaning tangane manungsa;
5 padha duwe cangkem, nanging ora bisa
celathu;
padha duwe mata, nanging ora bisa
ndeleng;
6 padha duwe kuping, nanging ora bisa
ngrungokake;
padha duwe irung, nanging ora bisa
ngambu;
7 tangane ana, nanging ora bisa nggrayahi;
sikile ana, nanging ora bisa lumaku,
ora bisa nywara kalawan gurunge;
8 para wong kang gawe iku padha dadia
pepadhane
mangkono uga sarupane wong kang
kumandel marang iku.
9 He Israel, kumandela marang Pangeran
Yehuwah,
Panjenengane kang mitulungi lan dadi
tetamenge.
10 He turune Imam Harun! Kumandela
marang Pangeran Yehuwah,
Panjenengane kang mitulungi lan dadi
tetamenge.
11 He para wong kang ngabekti marang
Pangeran Yehuwah,

padha kumandela marang Pangeran
Yehuwah,
Panjenengane kang mitulungi lan dadi
tetamenge.
12 Pangeran Yehuwah wus ngengeti marang
kita bakal paring berkah,
bakal mberkahi turune Israel,
bakal mberkahi turune Imam Harun,
13 bakal mberkahi para wong kang ngabekti
marang Sang Yehuwah,
dadia kang cilik dadia kang gedhe.
14 Pangeran Yehuwah muga ndadekna kowe
padha tangkar-tumangkar,
iya kowe lan anak-putumu.
15 Kowe padha ginanjara berkah dening Sang
Yehuwah,
kang nitahake langit lan bumi.
16 Langit iku langit kagunganing Sang
Yehuwah,
dene bumi wus diparingake marang para
anaking manungsa.
17 Dudu wong mati kang bakal padha
ngluhurake Pangeran Yehuwah,
lan dudu sakehing wong kang wus mudhun
marang ing alam suwung,
18 nanging kita, kita bakal padha memuji
marang Sang Yehuwah,
wiwit ing samengko nganti tumeka ing
salawas-lawase.
Haleluya!

MASMUR 116

Oncat saka ing bebandaning pati

116:1-19

116 1 Aku tresna marang Sang Yehuwah awit miyarsakake
swaraku lan panyuwunku,
2 sarta talingane nilingake aku,
mulane sajegku urip aku bakal nyebut marang Panjenengane.
3 Aku digubed ing talining pati,
sarta ditempuh ing rasa wedi marang jagading wong mati,
tuwin ngrasakake karupekan lan kasusahan.
4 Nanging aku nyebut asmaning Pangeran Yehuwah:
"Dhuh Yehuwah, Paduka mugi kersaa ngluwari kawula."
5 Pangeran Yehuwah iku asih-mirma lan adil,
Gusti Allah kita iku ambek welasan.
6 Pangeran Yehuwah iku rumeksa marang wong prasaja;
aku wus lemes, nanging banjur dipitulungi dening Panjenengane.
7 Dhuh nyawaku, puliha dadi ayem maneh,
awit Pangeran Yehuwah wus nyaeni marang kowe.
8 Inggih, Paduka sampun ngluwari kawula saking pejah,
lan mripat kawula saking luh,

tuwin suku kawula saking sesandhungan.
9 Aku diparengake lumaku ana ing ngarsaning
Sang Yehuwah,
ana ing tanahe wong urip.
10 Aku pracaya, sanajan duwe pangucap:
"Banget temen anggonku katindhes."
11 Ing sajroning kabingunganku aku ngucap:
"Manungsa iku padha dora-cara kabeh."
12 Kang dakgawe piwales apa marang Sang
Yehuwah,
tumrap ing sakehe sih-kadarmane marang
aku?
13 Aku arep njunjung tuwunging pangentasan
lan arep nyebut asmaning Pangeran
Yehuwah,
14 arep ngluwari kaulku marang Sang
Yehuwah
ana ing ngarepe umat kabeh.
15 Patine para kekasihe iku akeh pangajine
ana ing paningaling Sang Yehuwah.
16 Dhuh Yehuwah, kawula punika abdi
Paduka,
inggih estu abdi Paduka, anakipun parekan
Paduka;
Paduka ingkang sampun nguculi bebandan
kawula.
17 Paduka badhe kawula saosi kurban pamuji
sokur,
saha badhe nyebut asmaning Sang
Yehuwah.
18 Dakngluwari kaulku marang Pangeran
Yehuwah
ana ing ngarepe umate kabeh,

19 ing platarane padalemaning Pangeran Yehuwah,
ana ing satengahmu, he Yerusalem!
Haleluya!

MASMUR 117

He sakehe bangsa padha ngluhurna Pangeran Yehuwah

117:1-2

117 1 He sakehing bangsa, padha ngluhurna Pangeran Yehuwah,
padha ngalembanaa Panjenengane,
he sakehing suku bangsa!
2 Awit sih-kadarmane iku ngedab-edabi tumrap kita,
sarta kasetyane Sang Yehuwah iku langgeng ing salawas-lawase.
Haleluya!

MASMUR 118

Kidung pepujian

118:1-29

118 1 Padha saosa pamuji sokur marang Pangeran Yehuwah, awitdene Panjenengane iku sae!
ujer sih-kadarmane iku langgeng ing salawas-lawase.
2 Israel ngucapa:

"Sih-kadarmane iku langgeng ing
salawase!"
3 Turune Imam Harun ngucapa:
"Sih-kadarmane iku langgeng ing
salawase!"
4 Para wong kang ngabekti marang Pangeran
Yehuwah padha ngucapa:
"Sih-kadarmane iku langgeng ing
salawase!"
5 Sajroning karubedan aku nyebut marang
Pangeran Yehuwah.
Pangeran Yehuwah tumuli nyembadani
panyuwunku,
aku kaparingan lega;
6 Pangeran Yehuwah nunggil karo aku,
aku bakal ora wedi.
Manungsa bisa manggawe apa marang
aku?
7 Pangeran Yehuwah nunggil karo aku sarta
mitulungi aku,
aku bakal nganggep sepele marang wong
kang padha sengit marang aku.
8 Becik ngungsi marang Pangeran Yehuwah
katimbang karo ngandelake manungsa;
9 becik ngungsi marang Pangeran Yehuwah
katimbang karo ngandelake para
panggedhe.
10 Aku dikepung sakehe bangsa
demi asmaning Sang Yehuwah, kabeh
padha dakgecak.
11 Aku dikepung, kemput anggone ngepung,
demi asmaning Sang Yehuwah, dakgecak.
12 Padha ngepung aku kaya tawon,

padha mulad-mulad kaya geni eren,
demi asmaning Sang Yehuwah,
padha dakgecak temah mundur.
13 Aku dijorogake sarosane nganti tiba,
nanging Sang Yehuwah mitulungi aku.
14 Pangeran Yehuwah iku dadi karosanku lan masmurku,,
Panjenengane wus dadi karaharjanku.
15 Ing kemahe para wong mursid
ana swara surak-surak lan kaunggulan:
“Astane tengen Sang Yehuwah nindakake kaprawiran,
16 Astane tengen Sang Yehuwah bisa njunjung;
Astane tengen Sang Yehuwah nindakake kaprawiran!”
17 Aku bakal ora mati, nanging urip
lan aku bakal nyritakake pakaryaning Sang Yehuwah.
18 Sang Yehuwah banget anggone ngrangket marang aku,
nanging aku ora diulungake marang pati.
19 Aku wenganana gapuraning kabeneran,
aku arep lumebu, arep ngunjukake panuwun marang Sang Yehuwah.
20 Iki gapuraning Sang Yehuwah
kang bakal dileboni dening para wong mursid.
21 Kawula ngunjukaken panuwun dhumateng Paduka,
margi Paduka sampun nyembadani panyuwun kawula

sarta Paduka sampun dados karahayon kawula.
22 Watu kang tinampik dening para juru yasa omah
iku wus dadi uger-ugering padon;
23 kadadeyan iku saka ing Pangeran Yehuwah,
sarta elok ing pandeleng kita.
24 Iki dina kang katitahake dening Pangeran Yehuwah,
ayo padha bungah-bungah lan sukarena.
25 Dhuh Yehuwah, Paduka mugi kersaa paring karaharjan.
Dhuh Yehuwah, Paduka mugi kersaa paring kabegjan.
26 Binerkahana ingkang rawuh atas asmanipun Pangeran Yehuwah.
Aku padha mberkahi kowe kabeh saka ing padalemaning Sang Yehuwah.
27 Pangeran Yehuwah iku Gusti Allah,
Panjenengane paring pepadhang marang kita,
kurbane riyaya cancangen kalawan tali ing sungu-sungune misbyah.
28 Paduka punika Allah kawula,
Paduka badhe kawula caosi pamuji sokur,
dhuh Allah kawula, Paduka badhe kawula luhuraken.
29 Padha saosa pamuji sokur marang Sang Yehuwah,
awit Panjenengane iku sae!
Ujer sih-susetyane iku kanggo ing salawase.

MASMUR 119

Kabegjane wong kang uripe manut angger-anggering Yehuwah

119:1-176

119 1 Rahayu wong kang padha utama lakune,
kang ngambah dalaning angger-anggering
Pangeran Yehuwah.
2 Rahayu wong kang padha netepi ing
dhawuh pepengete
sarta ngupaya Panjenengane kalawan
gumolonging ati,
3 kang uga ora nglakoni duraka,
nanging ngambah dalan pitedahe.
4 Paduka piyambak sampun ndhawuhaken
pepaken Paduka,
supados dipun tetepana kaliyan tumemen.
5 Mugi-mugi lampah kawula tetep
miturut pranatan Paduka.
6 Manawi makaten kawula boten badhe
kawirangan,
manawi kawula ngawasaken sakathahing
pepaken Paduka.
7 Kawula badhe ngucap sokur dhumateng
Paduka klayan eklasing manah,
samangsa nggegulang dhateng sarak
Paduka ingkang adil.
8 Pranatan Paduka sami badhe kawula tetepi,
kawula mugi sampun ngantos paduka tilar
babar pisan.

9 Tiyang nem-neman sagedipun tetep sae
lampahipun punika isaratipun punapa?
Manawi netepi ing pangandika Paduka.
10 Paduka kawula upadosi klayan
gumolonging manah kawula,
sampun ngantos Paduka uja nyimpang
saking pepaken Paduka.
11 Janji Paduka kawula simpen ing salebeting
manah,
supados kawula sampun ngantos damel
dosa dhumateng Paduka.
12 Dhuh Yehuwah, Paduka ingkang pinuji-puji,
kawula mugi Paduka wulang pranatan
Paduka;
13 sarana lambe kawula kawula nyariyosaken
sakathahing
sarak ingkang Paduka dhawuhaken.
14 Kawula bingah ing bab pitedah pepenget
Paduka,
kadosdene ing bab sakathahing raja-brana.
15 Pepaken Paduka badhe kawula gilut-gilut,
saha ngawasaken dhateng margi pitedah
Paduka.
16 Kawula badhe seneng wonten ing pranatan
Paduka,
sarta boten badhe kesupen dhateng
pangandika Paduka.
17 Paduka mugi karsaa ngganjar kasaenan
dhateng abdi Paduka supados kawula
gesang,
sarta kawula badhe ngugemi pangandika
Paduka.

18 Mripat kawula mugi Paduka elekaken,
supados kawula sageda nyawang
kaelokanipun angger-angger Paduka.
19 Kawula tiyang neneka wonten ing bumi,
pepaken Paduka mugi sampun Paduka
umpetaken saking kawula.
20 Manah kawula rempu margi saking anggen
kawula tansah kangen
dhumateng sarak Paduka.
21 Paduka mbendonana para tiyang mursal;
mugi kenginga ing ipat-ipat
tiyang ingkang nyimpang saking pepaken
Paduka.
22 Panacad tuwin pangina mugi Paduka
singkiraken saking kawula,
awitdene kawula netepi dhawuh pepenget
Paduka.
23 Sanadyna para pengageng sami
lelenggahan sekuthon nglawan dhateng
kawula,
ewadene abdi Paduka punika ngraos-
ngraosaken pranatan Paduka.
24 Dhawuh pepenget Paduka punika malah
sami dados kasenengan kawula
saha dados juru pirembag kawula.
25 Nyawa kawula kraket dhateng lebu,
Paduka mugi karsaa nggesangaken kawula
miturut ing pangandika Paduka.
26 Salampah kawula sampun kawula
unjukaken, dene Paduka lajeng paring
wangsulan.
Paduka mugi karsaa mulang bab pranatan
Paduka dhumateng kawula.

27 Kawula mugi Paduka sumerepaken
dhateng pitedah pepaken Paduka,
supados kawula ngraosaken kaelokan
Paduka.
28 Nyawa kawula nangis margi saking sedhih,
Paduka mugi karsaa ngiyataken miturut
pangandika Paduka;
29 kawula mugi Paduka tebihaken saking
margi ingkang nasar,
saha kaparingana angger-angger Paduka.
30 Margining kaleresan ingkang sampun
kawula pilih,
sarta sarak Paduka kawula dekek wonten
ing ngajeng kawula;
31 dhawuh pepenget Paduka kawula gondheli;
dhuh Yehuwah, kawula mugi sampun
Paduka wirangaken.
32 Kawula badhe mbangung miturut
dhumateng pitedah pepaken Paduka,
awitdene Paduka sampun paring ombering
manah kawula.
33 Dhuh Yehuwah, Paduka mugi karsaa
nedahaken pitedah bab pranatan Paduka
dhumateng kawula,
badhe kawula turut ing salami-laminipun.
34 Kawula mugi Paduka mangretosaken,
temah kawula lajeng badhe netepi
angger-angger Paduka,
badhe kawula estokaken klayan
gumolonging manah.
35 Kawula mugi Paduka lampahaken wonten
ing marginipun pepaken Paduka,
awit punika ingkang kawula remeni.

36 Manah kawula mugi Paduka adhepaken
dhateng dhawuh pepenget Paduka,
sampun ngantos dhateng pangoyaking
bebathen.
37 Mripat kawula mugi Paduka enggokaken
saking barang ingkang tanpa gina;
kawula Paduka gesangaken wonten ing
margi pitedah Paduka!
38 Abdi Paduka mugi kaparingana santosaning
prasetyan Paduka,
ingkang kaparingaken dhateng tiyang
ingkang ngabekti dhumateng Paduka.
39 Cacad kawula ingkang kawula kwatosaken,
mugi Paduka singkiraken saking kawula,
awitdene angger-angger Paduka punika
sae;
40 saestu ingkang kawula kangeni punika
pepaken Paduka;
kawula mugi Paduka gesangaken kalayan
kaadilan Paduka.
41 Dhuh Yehuwah, mugi kawula kadhawahana
ing sih-susetya Paduka,
karahayon peparing Paduka punika laras
kaliyan janji Paduka;
42 supados sageda mangsuli dhateng ingkang
nacad kawula,
sabab kawula pitados dhateng pangandika
Paduka.
43 Pangandikaning kaleresan punika mugi
sampun ngantos kapundhut saking
cangkem kawula,
awitdene kawula ngajeng-ngajeng dhateng
pranatan Paduka.

44 Kawula tansah badhe netepi angger-angger
Paduka
ing salajengipun saha ing salaminipun.
45 Kawula badhe lumampah wonten ing
omberan,
margi pepaken Paduka ingkang kawula
padosi.
46 Kawula badhe ngucapaken dhawuh
pepenget Paduka wonten ing
ngajengipun para raja,
sarta boten badhe kawirangan.
47 Kawula badhe kasengsem dhateng
pepaken Paduka
ingkang kawula tresnani punika.
48 Tangan kawula nyadhong dhateng pepaken
Paduka ingkang kawula tresnani;
kawula badhe ngraos-ngraosaken
pranatan-pranatan Paduka.
49 Paduka mugi ngengeti dhateng pangandika
ingkang Paduka paringaken dhateng
abdi Paduka,
amargi Paduka sampun paring pangajeng-
ajeng dhumateng kawula.
50 Punika ingkang dados panglipur kawula
ing salebetipun kasangsaran kawula,
inggih punika anggen kawula
kagesangaken dening prasetya
Paduka.
51 Tiyang ingkang kumingsun sanget
anggenipun sami moyoki dhateng
kawula,
nanging kawula boten badhe mengeng
saking angger-angger Paduka.

52 Dhuh Yehuwah, pangadilan Paduka
ingkang saking kina mila kawula engeti,
milanipun angsal panglipur.
53 Kawula nepsu dhateng para tiyang duraka
ingkang sami nilar angger-angger Paduka.
54 Pranatan Paduka punika tumamanipun
dhateng kawula kados kidung masmur,
wonten ing griya, ingkang kawula enggeni
dados tiyang neneka.
55 Dhuh Yehuwah, ing wanci dalu kawula
enget dhumateng asma Paduka,
kawula badhe netepi angger-angger
Paduka.
56 Punika ganjaran Paduka dhateng kawula,
inggih punika bilih kawula ngestokaken
pepaken Paduka.
57 Pangeran Yehuwah punika ingkang dados
panduman kawula, kawula sampun
prajanji
badhe netepi pangandika Paduka.
58 Klayan sanget adreng saha gumolonging
manah anggen kawula nyuwun
sih-piwelas Paduka,
mugi Paduka karsaa paring sih-palimirma
dhumateng kawula laras kaliyan janji
Paduka.
59 Lampah kawula tansah kawula raosaken,
sarta suku kawula, kawula eneraken
dhateng ing dhawuh pepenget Paduka.
60 Kawula enggal-enggal saha boten badhe
ngrendhetaken
anggen kawula netepi pepaken Paduka.

61 Jiretipun tiyang duraka sami nangsuli kawula,
nanging kawula boten kasupen dhateng angger-angger Paduka.
62 Ing wanci tengah dalu kawula nglilir muji sokur dhumateng Paduka
margi saking pranatan-pranatan Paduka ingkang adil.
63 Kawula manunggil kaliyan sakathahipun tiyang ingkang ngabekti dhumateng Paduka,
saha kaliyan para tiyang ingkang sami netepi dhawuh-dhawuh Paduka.
64 Dhuh Yehuwah, bumi punika kebak ing sih-susetya Paduka,
kawula mugi Paduka wulang bab pranatan Paduka.
65 Dhuh Yehuwah, Paduka sampun nandukaken kasaenan dhateng abdi Paduka,
miturut pangandika Paduka.
66 Kawula mugi Paduka wulang bab kawicaksanan sarta kawruh ingkang sae,
awit kawula pitados dhateng pepaken Paduka.
67 Saderengipun kawula nandhang sangsara, lampah kawula nyleweng,
nanging sapunika kawula gondhelan dhumateng janji Paduka;
68 Paduka punika sae saha nandukaken kasaenan,

kawula mugi Paduka wulang bab pranatan
Paduka.
69 Tiyang kumingsun sami nandukaken
piawon dhateng kawula kaliyan
dora-cara,
nanging kawula badhe netepi prentah
Paduka klayan gumolonging manah.
70 Manahipun tiyang-tiyang wau sami kandel
kados gajih,
nanging kawula, angger-angger Paduka
punika dados kabingahan kawula,
71 anggen kawula katindhes punika maedahi
tumrap kawula,
inggih punika ndadosaken kawula lajeng
nggegulang pranatan Paduka.
72 Toret ingkang Paduka paringaken punika
sae tumrap kawula
nglangkungi mas utawi selaka blebekan.
73 Asta Paduka ingkang nitahaken saha
mangun kawula,
kawula mugi Paduka paringi pangretosan,
supados kawula saged nyinau pepaken
Paduka.
74 Para tiyang ingkang ngabekti dhumateng
Paduka,
sami nyawang kawula kaliyan bingah,
awitdene kawula ngajeng-ajeng dhateng
pangandika Paduka.
75 Dhuh Yehuwah, kawula sumerep bilih
pranatan-pranatan Paduka punika adil,
saha anggen Paduka ngganjar kesrakatan
dhateng kawula punika awit saking
kasetyan Paduka.

76 Mugi-mugi sih-susetya Paduka punika
dadosa panglipur kawula,
kados prasetya Paduka dhateng ingkang
abdi.
77 Sih-palimirma Paduka mugi tumanduka
dhateng kawula supados kawula gesang,
awit angger-angger Paduka punika
karemenan kawula.
78 Para tiyang kumingsun sami kawirangan,
dene kawula dipun siya-siya tanpa sabab;
nanging pepaken Paduka badhe kawula
raos-raosaken.
79 Para tiyang ingkang ngabekti dhumateng
Paduka,
saha ngretos dhateng dhawuh pepenget
Paduka,
punika sami ngguyubana dhateng kawula;
80 manah kawula mugi sageda lestantun
pamadhepipun dhateng pranatan
Paduka,
supados kawula sampun ngantos
nandhang wirang.
81 Nyawa kawula cecengklungen dhateng
karahayon peparing Paduka,
pangandika Paduka ingkang kawula
ajeng-ajeng;
82 mripat kawula bengep margi saking
anggenipun ngajeng-ajeng dhateng
prasetya Paduka;
kawula munjuk: “Benjing punapa Paduka
badhe nglipur kawula?”
83 Sabab kawula sampun kados impes
wecucal tinarang wonten ing kukus,

ewasamanten kawula inggih boten
kasupen dhateng pranatan Paduka.
84 Kantun pinten dinten-dintenipun abdi
Paduka punika?
Benjing punapa anggen Paduka badhe
ngadili tiyang ingkang sami mbujeng
kawula?
85 Tiyang kumingsun ingkang boten nurut ing
angger-angger Paduka,
punika sami ndhudhuk luwangan kangge
kawula.
86 Sakathahipun pepaken Paduka punika
kenging pinitados;
kawula dipun oyak-oyak tanpa sabab,
kawula mugi Paduka pitulungi.
87 Kawula meh-meh kemawon dipun
sirnakaken saking ing bumi,
ewadene kawula inggih boten nilar dhawuh
Paduka.
88 Kawula mugi Paduka gesangaken awit
saking sih-kadarman Paduka,
supados kawula ngestokaken dhateng
dhawuh pepenget Paduka.
89 Dhuh Yehuwah, pangandika Paduka punika
ing salami-laminipun
tetep santosa wonten ing swarga.
90 Kasetyan Paduka punika turun-tumurun,
Paduka ngekahahaken bumi, temah tetep
wonten.
91 Tulusipun sadaya ngantos ing samangke
punika miturut pranatan Paduka,
margi sadaya-sadayanipun punika sami
ngladosi Paduka.

92 Manawi angger-angger Paduka boten
dados kasenengan kawula,
kawula mesthi sampun lami tiwas wonten
ing kasangsaran kawula.
93 Kawula boten badhe kasupen dhateng
prentah Paduka ing salami-laminipun,
awit punika marginipun anggen Paduka
nggesangaken dhateng kawula.
94 Kawula punika kagungan Paduka, kawula
mugi Paduka luwari,
awit kawula punika ngupadosi prentah-
prentah Paduka.
95 Tiyang duraka sami ndingkik kawula,
badhe nyirnakaken kawula,
nanging kawula badhe migatosaken
pepenget-pepenget Paduka.
96 Kawula sumerep dhateng wates-watesipun
kasampurnan,
nanging prentah Paduka punika wiyar
sanget.
97 Kawula punika tresna sanget dhateng
angger-angger Paduka,
sadinten muput kawula gilut-gilut.
98 Pepaken Paduka punika paring
kawicaksanan dhateng kawula, munjuli
satru kawula,
margi ing salaminipun wonten ing kawula.
99 Akal budi kawula punika nglangkungi para
guru kawula,
margi dhawuh pepenget-pepenget Paduka
kawula gilut-gilut.

100 Kawula langkung mangretos katimbang kaliyan tiyang-tiyang ingkang sampun sepuh,
margi kawula netepi prentah-prentah Paduka.
101 Suku kawula kawula pekak tumrap sakathahing margining piawon,
supados ngestokaken pangandika Paduka.
102 Kawula boten mengeng saking sarak-sarak Paduka
margi Paduka ingkang mulang dhateng kawula.
103 Janji Paduka punika legi sanget wonten ing lak-lakan kawula,
ngungkuli leginipun maben wonten ing cangkem kawula.
104 Dhawuh Paduka ngangsalaken kapinteran dhateng kawula,
mila kawula sengit dhateng sakathahipun margining dora-cara.
105 Pangandika Paduka punika dilah wonten ing ngajengipun suku kawula,
sarta pepadhanging margi kawula.
106 Kawula sampun supaos, saha kawula badhe netepi,
badhe ngestokaken sarak-sarak Paduka ingkang adil.
107 Dhuh Yehuwah, kawula sanget anggen kawula katindhes,
mugi Paduka gesangaken nyondhongi ing pangandika Paduka.
108 Dhuh Yehuwah, sesaosan manasuka ingkang awujud kidung pepujian punika,

mugi sageda ndadosaken kepareng Paduka,
sarta kawula mugi kawulanga bab pranatan Paduka.
109 Kawula tansah ngetohaken nyawa kawula,
ewasamanten kawula boten kesupen dhateng angger-angger Paduka.
110 Tiyang duraka sami masangi kala dhateng kawula,
ewadene kawula boten nyleweng saking dhawuh-dhawuh Paduka.
111 Dhawuh pepenget Paduka punika dados pusaka kawula salami-laminipun,
awit punika dados kabingahanipun manah kawula.
112 Manah kawula kawula adhepaken supados nglampahi pranatan Paduka,
ing salaminipun ngantos dumugi ing wekasan.
113 Kawula sengit dhateng tiyang ingkang mangu-mangu,
nanging ingkang kawula tresnani punika angger-angger Paduka.
114 Paduka punika pangauban sarta tetameng kawula,
pangandika Paduka ingkang kawula antos-antos.
115 He para durjana padha sumingkira saka aku,
supaya aku netepana pepakone Gusti Allahku.

116 Kawula mugi Paduka santosakaken
nyondhongi ing prasetya Paduka
supados kawula gesang,
sarta sampun ngantos kacuwan ing
pangajeng-ajeng kawula.
117 Kawula mugi Paduka pitulungi supados
wilujeng,
kawula tansah badhe bingah-bingah margi
saking pranatan Paduka.
118 Sakathahipun tiyang ingkang nyleweng
saking pranatan Paduka punika sami
Paduka tampik,
awit pokalipun sami tanpa gina.
119 Sakathahipun tiyang duraka sami Paduka
simpar kados rereged,
mila kawula remen dhateng pranatan-
pranatan Paduka.
120 Badan kawula gumeter margi ajrih
dhumateng Paduka,
sarta kawula ajrih dhateng pangadilan
Paduka.
121 Kaleresan sarta kaadilan ingkang sampun
kawula lampahi,
kawula mugi sampun Paduka ulungaken
dhateng tiyang ingkang nganiaya
dhumateng kawula.
122 Paduka mugi karsaa nanggel abdi Paduka
ing bab kasaenan,
tiyang ambek kumawasa sampun ngantos
sami nindhes dhateng kawula;
123 mripat kawula cecengklungen dhateng
karahayon peparing Paduka
saha prasetya Paduka ingkang adil,

124 abdi Paduka mugi karengkuha ingkang
nyondhongi sih-kadarman Paduka,
saha Paduka wulang bab pranatan Paduka.
125 Kawula punika abdi Paduka, mugi Paduka
paringi pangretosan,
supados kawula nyumerepi dhawuh
pepenget-pepenget Paduka.
126 Ing sapunika sampun wekdalipun kagem
Pangeran Yehuwah tumindak ing damel;
tiyang-tiyang sampun sami mbibrah
angger-angger Paduka.
127 Mila kawula remen dhateng pepaken
Paduka,
nglangkungi mas, sanadyan ingkang murni
pisan.
128 Punika sababipun kawula gesang kanthi
jujur, salaras kaliyan sadaya dhawuh
Paduka,
sakathahing margining dora-cara kawula
sengiti.
129 Dhawuh pepenget-pepenget Paduka
punika elok,
mila nyawa kawula ngestokaken punika,
130 kawedharipun pangandika Paduka punika
madhangi,
paring pangretosan dhateng para tiyang
ingkang bodho;
131 cangkem kawula kawula engakaken wiyar
lan mangap-mangap,
awit ngorong kepengin dhateng
pepaken-pepaken Paduka.
132 Paduka mugi karsaa mirsani kawula saha
karsaa paring piwelas,

miturut sapantesipun tumrap tiyang
ingkang sami tresna dhateng asma
Paduka.
133 Jangkah kawula mugi Paduka jejegaken
manut janji Paduka,
saha sakathahing piawon sampun ngantos
misesani kawula.
134 Kawula mugi Paduka uwalaken saking
panganiayaning tiyang,
supados kawula ngandhemi prentah-
prentah Paduka.
135 Cahyanipun wedana Paduka mugi
nyunarana abdi Paduka,
sarta kawula mugi Paduka wulang bab
pranatan-pranatan Paduka.
136 Luh kawula crocosan kados ilining toya,
awit tiyang sami boten netepi angger-
angger Paduka.
137 Dhuh Yehuwah, Paduka punika adil,
saha pranatan Paduka punika leres;
138 pepenget Paduka sampun Paduka
dhawuhaken kaliyan adil
tuwin kasetyan ageng.
139 Kawula nggeges dening urubing katresnan
kawula,
margi satru kawula sami nglirwakaken
sakathahing dhawuh Paduka.
140 Prasetya Paduka punika murni sanget,
abdi Paduka remen sanget.
141 Kawula punika tiyang alit sarta nistha,
ewadene boten kesupen dhateng dhawuh
Paduka.

142 Kaadilan Paduka punika adil ing salaminipun,
tuwin angger-angger Paduka punika leres.
143 Kawula tinempuh ing karibedan tuwin kasisahan,
nanging pepaken Paduka sami dados kabingahan kawula.
144 Pepenget Paduka punika adil ing salaminipun,
kawula mugi Paduka mangretosaken supados kawula gesang.
145 Paduka kawula sebut kaliyan manah ingkang gumolong; dhuh Yehuwah, mugi Paduka sembadani!
Pranatan Paduka badhe kawula tetepi.
146 Kawula sesambat dhumateng Paduka; Paduka mugi karsaa ngluwari kawula!
Kawula badhe ngestokaken pepenget Paduka.
147 Enjing umun-umun kawula tangi saha sesambat nyuwun tulung,
Pangandika Paduka ingkang kawula ajeng-ajeng.
148 Tangi kawula ngrumiyini wekdalipun jagi dalu
prelu ngraos-ngraosaken janji Paduka.
149 Dhuh Yehuwah, Paduka mugi karsaa miyarsakaken unjuk kawula,
awit saking sih-kadarman Paduka;
kawula mugi Paduka gesangaken miturut pranatan Paduka.

150 Tiyang ingkang ngoyak-oyak kawula
badhe nandukakaken piawon dhateng
kawula sampun celak,
tiyang-tiyang wau sami nebihi angger-
angger Paduka.
151 Nanging dhuh Yehuwah, Paduka celak,
sarta sakathahipun pepaken Paduka
punika leres.
152 Sampun wiwit rumiyin kawula mangretos
saking ing pepenget Paduka,
bilih punika sampun Paduka tetepaken
kangge ing salaminipun.
153 Paduka mugi karsaa mirsani kasangsaran
kawula sarta kawula mugi Paduka
entasaken,
awit kawula boten kesupen dhateng
angger-angger Paduka.
154 Paduka mugi karsaa ngurus prakawis
kawula, saha kawula mugi Paduka
luwari,
punapa malih kawula mugi Paduka
gesangaken miturut prasetya Paduka.
155 Karahayon punika tebih saking para
tiyang duraka,
margi sami boten ngupadosi pranatan
Paduka.
156 Dhuh Yehuwah, sih-piwelas Paduka
punika luber,
kawula mugi Paduka gesangaken laras
kaliyan angger-angger Paduka.
157 Kathah tiyang ingkang mbujeng sarta
ingkang nglawan kawula,

nanging kawula boten nyleweng saking
pepenget Paduka.
158 Anggen kawula ningali tiyang ingkang
lampah cidra ngantos bosen,
dene kok sami boten ngestokaken janji
Paduka.
159 Lah kawula remen sanget dhateng
dhawuh-dhawuh Paduka!
Dhuh Yehuwah, kawula mugi Paduka
gesangaken awit saking sih-kadarman
Paduka.
160 Dhasaripun pangandika Paduka punika
kaleresan
saha sakathahing angger-anggering
kaadilan Paduka punika kangge ing
salaminipun.
161 Kawula dipun oyak-oyak tanpa sabab
dening para pangageng,
nanging manah kawula namung ajrih
dhumateng pangandika Paduka.
162 Kawula bingah ing bab janji Paduka,
prasasat tiyang ingkang angsal rayahan
kathah.
163 Kawula gething saha rumaos eneg
dhateng para-cidra,
nanging remen dhateng angger-angger
Paduka.
164 Kawula memuji Paduka kaping pitu
sadinten,
margi saking kaadilaning sarak Paduka.
165 Tiyang ingkang sami remen dhateng
angger-angger Paduka punika

kadunungan katentreman ingkang ageng,
saha boten wonten sandhunganipun.
166 Dhuh Yehuwah, karahayon peparing Paduka ingkang kawula ajeng-ajeng,
sarta kawula nglampahi pepaken Paduka.
167 Kawula ngestokaken dhateng dhawuh pepenget Paduka,
sanget anggen kawula remen,
168 prentah saha pepenget Paduka sami kawula tetepi,
awitdene salampah-lampah kawula wonten ing ngarsa Paduka.
169 Dhuh Yehuwah, mugi pasambat kawula sumengkaa dhateng ing ngarsa Paduka,
kawula mugi pinaringana pangretosan nyondhongi pangandika Paduka.
170 Pasambat kawula mugi katrimaha wonten ing ngarsa Paduka,
kawula mugi kaentasna miturut janji Paduka.
171 Lambe kawula kajengipun nglairaken pepujian,
margi Paduka mulangaken pranatan Paduka dhateng kawula.
172 Ilat kawula kajengipun ngidungaken janji Paduka,
awit sakathahipun pepaken Paduka punika leres.
173 Asta Paduka mugi dadosa pitulungan kawula,
awit prentah Paduka ingkang kawula pilih.

174 Dhuh Yehuwah, pangluwaran peparing
Paduka ingkang kawula ajeng-ajeng,
saha angger-angger Paduka dados
kabingahan kawula.
175 Nyawa kawula mugi sageda gesang,
supados memuji dhumateng Paduka,
saha sarak Paduka mugi dadosa pitulungan
kawula.
176 Kawula punika kesasar kados menda
ingkang ketriwal, abdi Paduka mugi
Paduka padosi,
awit kawula boten kesupen dhateng
pepaken Paduka.

MASMUR 120

Dioyak-oyak ing paekan

120:1-7

120 1 Kidung jiyarah.
Sajroning karubedan aku sesambat
marang Pangeran Yehuwah,
banjur disembadani:
2 "Dhuh Yehuwah, Paduka mugi karsaa
nguwalaken kawula
saking lambe ingkang cidra,
saking ilat ingkang dora-cara."
3 Apa kang bakal diparingake marang kowe,
sarta kowe diparingi tambahan apa,
he ilat kang dora-cara?
4 Panahe prawira kang landhep,
tuwin mawane kayu arar.

5 Cilaka aku amarga kudu manggon kaya
wong manca,
kaya wong ngamanca ana ing tanah
Mesekh,
awit kudu manggon ana ing antarane
kemahe bangsa Kedar!
6 Wus cukup suwe pamanggonku
awor karo wong kang padha sengit marang
karukunan.
7 Aku iki dhemen rukun, nanging saben ana
pangucapku,
wong ing kono banjur padha ngajak
perang.

MASMUR 121

Pangeran Yehuwah, kang rumeksa bangsa Israel

121:1-8

121 1 Kidung jiyarah.
Mripatku tumenga marang
gunung-gunung;
pitulunganku iku pinangkane saka ing
ngendi?
2 Pitulunganku iku pinangkane saka Sang
Yehuwah,
kang nitahake langit lan bumi.
3 Panjenengane ora bakal marengake yen
sikilku gloyoran,
kang ngreksa kowe ora bakal ngantuk.
4 Sayektine kang ngreksa Israel ora ngantuk
lan ora sare.

5 Pangeran Yehuwah iku kang ngreksa kowe,
Pangeran Yehuwah iku pangayomanmu
ana ing tengenmu.
6 Srengenge ora bakal nglarani kowe ing
wayah awan,
utawa rembulan ing wayah bengi.
7 Kowe bakal direksa dening Sang Yehuwah,
tumrap ing sakehing bilai;
nyawamu direksa.
8 Pangeran Yehuwah bakal ngreksa marang
lebu lan wetumu,
wiwit ing samengko tumeka ing delahan.

MASMUR 122

Pandonga nyuwunake tataraharjane kutha Yerusalem

122:1-9

122 1 Kidung jiyarah anggitane Prabu
Dawud.
Aku bungah nalika ana wong kang kandha
marang aku mangkene:
"Ayo padha munggah menyang ing
padalemaning Pangeran Yehuwah."
2 Saiki sikilku padha tumapak
ana ing gapuramu, he Yerusalem.
3 He Yerusalem, kang wus kaadegake
dadi kutha sesanggitan rapet,
4 kang kaunggahan dening para taler,
yaiku para taler kagunganing Sang
Yehuwah,

prelu padha ngucap sokur marang asmaning
Sang Yehuwah, nocogi pranatan tumrap
Israel.
5 Awit ing kono prenahe dhampar-dhamparing
pangadilan,
dhampare trahe Prabu Dawud.
6 Yerusalem padha suwunna tentrem rahayu:
“Sakehing wong kang tresna marang kowe
ginanjara kasantosan.
7 Tentrem rahayu anaa sajroning
balowartimu,
lan kasantosan anaa ing kadhatonmu.”
8 Marga saka para sadulurku lan para
mitraku,
aku dakngucapake: “Tentrem rayahu anaa
ing kowe.”
9 Marga saka padalemane Pangeran Yehuwah,
Gusti Allahku,
aku bakal padha ngupaya apa kang becik
tumrap kowe.

MASMUR 123

Ngarep-arep marang kanugrahaning Pangeran Yehuwah

123:1-4

123 1 Kidung jiyarah.
Mripat kawula tumenga dhumateng
Paduka
ingkang adhedhampar wonten ing swarga.
2 Inggih kados mripating abdi jaler

anggenipun mulat dhateng astaning
bendaranipun,
utawi kados mripatipun abdi estri
anggenipun mulat dhateng astaning
bendaranipun putri,
inggih makaten mripat kawula sadaya,
anggenipun sami mulat dhumateng
Yehuwah Allah kita,
ngantos rinentahan ing sih-piwelasipun.
3 Kawula mugi sami Paduka welasi, dhuh
Yehuwah, mugi sami Paduka welasi,
margi sampun tuwuk anggen kawula sami
karemehaken;
4 nyawa kawula sampun langkung dening
tuwuk
dhateng pamoyokipun para tiyang ingkang
rumaos tentrem,
tuwin dhateng tiyang gumunggung
anggenipun sami ngremehaken.

MASMUR 124

Pinujia Juru Selamete bangsa Israel

124:1-8

124 1 Kidung jiyarah anggitane Prabu
Dawud.
Yen ajaa Pangeran Yehuwah piyambak kang
mbelani marang kita,
-- dikaya mangkono pangucape Israel, --
2 yen ajaa Pangeran Yehuwah piyambak kang
mbelani marang kita,

nalika wong padha gumregah nglawan
marang kita,
3 kita mesthi wus padha diuntal urip-uripan,
nalika mulad-mulading nepsune marang
kita;
4 kita banjur kentir ing banyu,
aku wus padha kleleb ana ing kali;
5 ilining banyu kang luber
kang molak-malik iku wus nasabi kita.
6 Pinuji-pujia Pangeran Yehuwah kang ora
ngulungake kita
dadi mangsane untune wong-wong mau!
7 Nyawa kita padha bisa oncat kaya manuk,
kang oncat saka jirete wong mikat,
rantas jirete,
kita nuli oncat.
8 Pitulungan kita iku ana ing asmaning Sang
Yehuwah,
kang nitahake langit lan bumi.

MASMUR 125

Tentrem ana ing pangayomaning Sang Yehuwah

125:1-5

125 1 Kidung jiyarah.
Wong kang padha kumandel marang
Pangeran Yehuwah,
iku padha kaya gunung Sion kang
ora obah-obah, kang tetep ing salawase.
2 Yerusalem kinupengan ing gunung,

kaya mangkono Pangeran Yehuwah
anggone ngamping-ampingi umate,
wiwit ing samengko nganti ing salawase.
3 Tekene kaprabone wong duraka ora bakal tetep
ana ing bumi kang wus diundhi kanggo para wong mursid,
supaya wong mursid aja nganti padha kumranggeh
tangane marang piala.
4 Dhuh Yehuwah, Paduka mugi karsaa nindakaken kasaenan dhateng para tiyang sae
tuwin dhateng para tiyang ingkang manahipun tulus.
5 Nanging tiyang-tiyang ingkang nyleweng dhateng ing margi ingkang menggak-menggok,
mugi sami katundhunga dening Pangeran Yehuwah sareng kaliyan tiyang-tiyang ingkang sami nindakaken piawon.
Tentrem rahayu tumrapa marang Israel!

MASMUR 126

Pangarep-arep ing satengahing karubedan

126:1-6

126 1 Kidung jiyarah.
Ing kalane Pangeran Yehuwah mulihake kaanane Sion,
kaanan kita kaya wong ngimpi.

2 Ing nalika iku cangkem kita padha kebak guyu,
lan ilat kita kebak giyak-giyak.
Ing nalika iku ing antarane para bangsa ana ujar mangkene:
"Pangeran Yehuwah wus nandukake prakara kang gedhe marang para wong iki!"
3 Pangeran Yehuwah wus nandukake prakara kang gedhe marang kita,
mulane kita padha bungah.
4 Dhuh Yehuwah, Paduka mugi karsaa mulihaken kawontenan kawula,
kados pulihipun lepen asat wonten ing Tanah Negeb!
5 Wong kang padha nyebar wiji karo mbrebes mili,
bakal ngeneni kambi giyak-giyak.
6 Wong kang lumaku maju kalawan nangis kambi nyebar wiji,
mulihe mesthi kalawan surak-surak
karo ngusung gedhengane.

MASMUR 127

Berkahe Pangeran Yehuwah kawitaning kaslametan

127:1-5

127 1 Kidung jiyarah anggitane Prabu Suleman.
Manawa dudu Pangeran Yehuwah kang yasa omah,

tanpa gawe panggarape tukange;
manawa dudu Pangeran Yehuwah kang
ngreksa marang kita,
tanpa gawe wong jaga anggone melek.
2 Tanpa guna anggonmu tangi esuk
umun-umun,
lan lelungguhan nganti bengi,
lan mangan roti kang anggone oleh kalawan
rekasa,
amarga iku diparingake dening
Panjenengane marang kang ditresnani
nalika pinuju turu.
3 Lah anak-anak lanang iku pusaka peparinge
Sang Yehuwah,
wohing wetengan iku sawijining pituwas.
4 Kaya panah ana ing tangane wong prawira,
kaya mangkono mungguh anak-anak
nalika nome.
5 Begja wong kang endhonge dikebaki
kalawan iku kabeh.
Wong iku ora bakal nandhang wirang
manawa rembugan
karo mungsuh ana ing gapura.

MASMUR 128

Berkahing kulawarga

128:1-6

128 1 Kidung jiyarah.
Rahayu saben wong kang ngabekti
marang Pangeran Yehuwah,
sarta kang ngambah ing dalan pitedahe.

2 Manawa kowe mangan wohing kangelane tanganmu,
rahayu kowe lan becik kaananmu!
3 Rabimu bakal dadi kaya wit anggur kang subur
ana ing jerone omahmu;
lan anak-anakmu kaya trubusaning wit jaitun kang ngupengi mejamu.
4 Lah kaya mangkono anggone bakal kaberkahan
wong lanang kang ngabekti marang Pangeran Yehuwah.
5 Sang Yehuwah muga mberkahana kowe saka ing Sion,
sarta kowe muga menangana karaharjane Yerusalem sajegmu urip,
6 sarta muga menangana anak-anake anak-anakmu!
Tentrem rahayu anaa ing Israel!

MASMUR 129

Luwar saka ing kasangsaran

129:1-8

129 1 Kidung jiyarah.
Banget anggonku wus dirupeki ing wong, wiwit nalika aku isih enom,
-- kareben Israel ngucap mangkono --
2 banget anggonku wus dirupeki ing wong, wiwit nalika aku isih enom,
ewadene padha ora bisa ngalahake aku.
3 Wong mluku, mluku ana ing gegerku,

alurane waluku didawakake.
4 Pangeran Yehuwah iku adil, lan kang medhoti
dhadhunge wong duraka.
5 Sakehe wong kang sengit marang Sion
bakal padha kawirangan lan bakal mundur.
6 Padha kaya suket ing payon,
kang alum sadurunge dibedhol,
7 kang ora digegem dening tangane wong ngarit,
utawa dirakupi dening kang mbenteli,
8 satemah wong kang padha liwat ora ngucap:
"Berkahe Sang Yehuwah anaa ing kowe kabeh!
Aku padha mberkahi kowe kabeh ing asmane Sang Yehuwah!"

MASMUR 130

Pasambat sajroning kasusahan

130:1-8

130 1 Kidung jiyarah.
Dhuh Yehuwah, saking jurang ingkang lebet
kawula sesambat dhumateng Paduka.
2 Dhuh Pangeran, Paduka mugi karsaa miyarsakaken swanten kawula,
Paduka mugi nilingna dhumateng swantening pasambat kawula.
3 Dhuh Yehuwah, manawi Paduka ngenget-enget dhateng durakaning tiyang,

dhuh Pangeran, sinten ingkang saged
lestantun?
4 Nanging Paduka kagungan pangapunten,
supados tiyang sami ajrih-asih dhumateng
Paduka.
5 Aku nganti-anti marang Pangeran Yehuwah,
nyawaku ngarep-arep,
lan aku ngarep-arep marang
Pangandikane.
6 Nyawaku anggone nganti-anti marang
Pangeran
ngluwihi pangarep-arepe jaga malem
marang wayah esuk,
iya wong jaga kang ngarep-arep marang
wayah esuk.
7 Ngarep-arepa marang Pangeran Yehuwah,
he Israel!
awit Sang Yehuwah kagungan sih-
kadarman,
sarta kerep banget paring pangluwaran.
8 Panjenengane kang bakal ngluwari Israel
saka sakehing kaluputane.

MASMUR 131

Pasrah marang Gusti Allah

131:1-3

131 1 Kidung jiyarah, anggitane Prabu
Dawud.
Dhuh Yehuwah, kawula boten gumunggung
sarta boten mawas kanthi kumlungkung;

kawula boten nggayuh dhateng bab-bab
ingkang muluk-muluk,
utawi bab-bab ingkang aneh tumrap
kawula.
2 Saestu, kawula sampun nentremaken sarta
ngleremaken nyawa kawula;
kados lare sapihan ingkang tileman celak
biyungipun,
kados lare ingkang dipun sapih nyawa kawula
wonten ing nglebet kawula.
3 He Israel, ngarep-arepa marang Pangeran
Yehuwah,
wiwit samengko nganti ing salawas-lawase!

MASMUR 132

Prabu Dawud lan kutha Sion pilihane Pangeran Yehuwah

132:1-18

132 1 Kidung jiyarah.
Dhuh Yehuwah, Paduka mugi
ngengetana dhumateng Prabu Dawud
tuwin sakathahing kasisahanipun;
2 anggenipun supaos dhumateng Sang
Yehuwah,
saha nglairaken punagi dhumateng
Allahipun Rama Yakub, ingkang
Mahakuwaos makaten:
3 "Saestu kawula boten badhe lumebet ing
kemah padunungan kawula,
sarta boten minggah dhateng kanthil
patileman kawula,

4 inggih boten ngangsalaken mripat kawula
tilem
utawi ngliyepaken tlapukan kawula,
5 ngantos kawula manggih papan kagem
Pangeran Yehuwah,
padaleman kagem Ingkang Mahakuwaos,
Allahipun Rama Yakub."
6 Kita pancen wus padha krungu bab iku ana
ing Efrata,
wus oleh ana ing ara-ara Yaar.
7 "Payo padha lumebu marang padalemaning
Allah,
padha sujud nyembah ana ing ngarepe
ancik-ancikaning sampeyane."
8 Dhuh Yehuwah, Paduka mugi jumeneng
saha tedhak dhateng ing palereman
Paduka,
Paduka kadherekaken ing pethining
kasantosan Paduka.
9 Para imam Paduka mugi sinandhangana ing
kaleresan,
saha para kekasih Paduka sami
surak-suraka!
10 Margi saking Prabu Dawud, abdi Paduka,
mugi Paduka sampun nampik dhumateng
jebadan Paduka.
11 Pangeran Yehuwah wus ngandika marang
Prabu Dawud kalawan supaos,
kang mesthi ora bakal diselaki:
"Sawijining turunira bakal Sunlungguhake
ing dhamparira;
12 angger turunira tetep anggone ngestokake
prasetyaningSun,

tuwin sakehing pranatan-pranatan kang
Sunwulangake marang dheweke,
anak-putune turunira mau ing salawas-
lawase
bakal padha lungguh ing dhamparira.”
13 Sabab kutha Sion kang wus dipilih dening
Pangeran Yehuwah,
dikarsakake dadi padalemane.
14 “Iki padalemaningSun ing salawase,
ana ing kene anggoningSun bakal
dedalem, awit iku karsaningSun.
15 Panguripane bakal Sunberkahi nganti
luber,
sarta wonge mlarat bakal Sunwaregi
kalawan roti.
16 Para imame bakal Sunsandhangi
karahayon,
sarta para wonge kang mursid bakal padha
surak-surak marga saka bungahe.
17 Ana ing kono Ingsun bakal nuwuhake
sungu kanggo Dawud,
sarta jebadaningSun bakal Suncawisi
diyan.
18 Mungsuhe bakal padha Sunanggoni
sandhangan kang kebak kawirangan,
nanging Dawud iku bakal nganggo
makutha kang mencorong.”

MASMUR 133

Pasaduluran kang rukun

133:1-3

133 [1] Kidung jiyarah anggitane Prabu Dawud.
Saiba prayoga lan endahe,
manawa para sadulur kang manggon
saomah padha rukun.
[2] Iku kaya lenga jebad adi ana ing sirah
kang ndlewer marang jenggot,
kang ndlewer marang jenggote Imam Harun
lan marang guloning jubahe.
[3] Kayadene ebune gunung Hermon
kang mudhun ing gunung-gununge Sion.
Awit iya ana ing kono Pangeran Yehuwah
anggone ndhawuhake berkah
lan urip nganti ing salawase.

MASMUR 134

Kekidungan ing wayah bengi

134:1-3

134 [1] Kidung jiyarah.
Ayo padha saosa puji marang Sang Yehuwah.
He sakehe para abdining Sang Yehuwah,
kang padha teka leladi ana ing padalemaning Sang Yehuwah,
ing wayah bengi.

2 Tanganmu padha ulukna madhep marang
papan suci,
lan padha saosa puji marang Sang
Yehuwah.
3 Pangeran Yehuwah kang nitahake langit lan
bumi,
muga mberkahana kowe saka ing Sion.

MASMUR 135

Mung Pangeran Yehuwah kang pantes linuhurake

135:1-21

135 1 Haleluya!
Padha ngluhurna asmaning Pangeran
Yehuwah,
padha luhurna, he para abdining Pangeran
Yehuwah.
2 He para wong kang padha teka leladi ana
ing padalemaning Sang Yehuwah,
ing platarane padalemane Allah kita!
3 Padha saosa puji marang Pangeran
Yehuwah, awit Pangeran Yehuwah iku
becik,
asmane padha luhurna kalawan masmur,
awit iku endah!
4 Awit Pangeran Yehuwah wus milih Yakub
dadi kagungane,
Israel dadi kekasihe.
5 Lah aku sumurup, yen Pangeran Yehuwah
iku mahaagung,

sarta Gusti kita kang ngungkuli sakehing
allah.
6 Pangeran Yehuwah nindakake apa kang
dadi karsane,
ana ing swarga lan ing bumi,
ing segara lan ing saindenging samodra
agung.
7 Pangeran ndadekake mendhung mumbul
saka ing pungkasaning bumi,
nitahake bledheg kang mbarengi udan,
angin diwetokake saka ing gedhonge.
8 Panjenengane kang mejahi para anak
pembarep ing tanah Mesir,
manungsa lan kewan,
9 apadene ndhatengake pratandha lan
kaelokan
ana ing satengahmu, he tanah Mesir,
nglawan marang Raja Pringon lan sakehing
abdine.
10 Panjenengane kang nggecak bangsa akeh,
sarta nyedani raja-raja kang santosa.
11 Sihon, ratune bangsa Amori,
Og, ratu ing nagara Basyan,
lan sakehe karajan ing tanah Kanaan,
12 sarta tanahe diparingake dadi tanah-
pusaka,
tanah-pusaka marang Israel, umate.
13 Dhuh Yehuwah, asma Paduka punika
langgeng ing salaminipun.
Dhuh Yehuwah, Paduka dipun enget-enget
turun-tumurun.
14 Awitdene Sang Yehuwah iku bakal paring
kaadilan marang umate,

sarta bakal melasi marang para abdine.
15 Brahalane para bangsa iku selaka utawa mas,
gaweane tangane manungsa,
16 padha duwe cangkem nanging ora bisa calathu,
padha duwe mata, nanging ora bisa ndeleng,
17 kupinge ana, nanging ora bisa ngrungokake,
dalah cangkeme iya ora ana ambekane.
18 Iya kaya mangkono kaanane para wong kang gawe,
sarta sakehing wong kang nganggep iku.
19 He turune Rama Israel, padha saosa puji marang Pangeran Yehuwah,
he para turune Imam Harun, padha saosa puji marang Pangeran Yehuwah.
20 He turune Rama Lewi, padha saosa puji marang Pangeran Yehuwah,
he, para wong kang ngabekti marang Pangeran Yehuwah,
padha saosa puji marang Pangeran Yehuwah.
21 Sang Yehuwah kasaosana puji saka ing kutha Sion,
Panjenengane kang akedhaton ana ing Yerusalem.
Haleluya!

MASMUR 136

Sih-susetyaning Allah marang bangsa Israel

136:1-26

136 1 Padha saosa puji marang Pangeran Yehuwah, sabab Panjenengane iku becik!
awit langgeng sih-kadarmane.
2 Padha saosa puji marang Allahe para allah,
awit langgeng sih-kadarmane.
3 Padha saosa puji marang Gustine para gusti,
awit langgeng sih-kadarmane.
4 Marang Panjenengane kang nindakake kaelokan gedhe piyambakan,
awit langgeng sih-kadarmane.
5 Marang Panjenengane kang nitahake langit kalawan kawicaksanan,
awit langgeng sih-kadarmane.
6 Marang Panjenengane kang njereng bumi kadhasaran banyu,
awit langgeng sih-kadarmane.
7 Marang Panjenengane kang nitahake barang-barang kang madhangi kang gedhe ing langit,
awit langgeng sih-kadarmane.
8 Srengenge kang mengku raina,
awit langgeng sih-kadarmane.
9 Sarta rembulan lan lintang-lintang kang mengku ing wayah bengi,

awit langgeng sih-kadarmane.
10 Kang mejahi para pembarepe wong Mesir,
awit langgeng sih-kadarmane.
11 Lan ngirid Israel metu saka ing satengahe,
awit langgeng sih-kadarmane.
12 Sarana asta kang rosa lan kalawan
ngayatake lengene,
awit langgeng sih-kadarmane.
13 Segara Teberau dipiyak dadi loro,
awit langgeng sih-kadarmane.
14 Lan nyabrangake Israel metu ing tengahe,
awit langgeng sih-kadarmane.
15 Sang Pringon sawadya-balane dikelemake
ana ing segara Teberau,
awit langgeng sih-kadarmane.
16 Gusti Allah kang ngirid lakune umate metu
ing segara wedhi,
awit langgeng sih-kadarmane.
17 Kang ngasorake perange raja gedhe-
gedhe,
awit langgeng sih-kadarmane.
18 Para ratu kang mulya padha dipateni,
awit langgeng sih-kadarmane.
19 Sihon, ratune bangsa Amori,
awit langgeng sih-kadarmane.
20 Lan Og, ratu ing Basyan,
awit langgeng sih-kadarmane.
21 Tanahe banjur diparingake dadi pusakane,
awit langgeng sih-kadarmane.
22 Dadi pusakane Israel, abdine,
awit langgeng sih-kadarmane.
23 Gusti Allah kang ngengeti kita sajroning
kaasoran,

awit langgeng sih-kadarmane.
24 Padha diluwari saka ing tangane mungsuh kita,
awit langgeng sih-kadarmane.
25 Apadene paring pangan marang sakehing makhluk,
awit langgeng sih-kadarmane.
26 Padha saosa puji sokur marang Gusti Allahing swarga,
awit langgeng sih-kadarmane.

MASMUR 137

Ing sapinggiring kali-kali ing tanah Babel

137:1-9

137 1 Ana ing pinggir bengawan Babel anggonku padha ndheprok karo nanging,
manawa kelingan kutha Sion.
2 Clempungku padha dakcanthelake
ana ing wit gandarusa ing kono.
3 Amarga ana ing kono wong-wong kang padha nawan kita,
njaluk supaya aku padha ngrepekake kekidungan,
lan wong kang niksa kita iku padha njaluk kidung kabungahan:
"Aku padha kidungna kidunge Sion."
4 Kapriye bisaku padha ngrepekake kidunging Yehuwah
ana ing nagara ngamanca?

5 Manawa aku lali marang kowe, he
Yerusalem,
garinga tanganku tengen!
6 Ilatku kraketa ing cethak,
manawa aku ora tetap eling marang kowe,
sarta manawa Yerusalem ora dakdadekake
musthikaning kabungahanku?
7 Dhuh Yehuwah, Paduka mugi karsaa
ngengeti bani Edom,
ingkang ing dinten bilainipun Yerusalem
ngucap:
"Gempuren, gempuren tekan talese
pisan!"
8 He putri ing Babel, kang dhemen nganiaya,
rahayu wong kang nindakake piwales
marang kowe,
tumrap pakarti-pakarti kang koktandukake
marang aku kabeh!
9 Rahayu wong kang padha nyekeli
anak-anakmu,
banjur padha dibantingi ana ing parang.

MASMUR 138

Kidung panuwun tumrap pitulungane Pangeran Yehuwah

138:1-8

138 1 Anggitane Prabu Dawud.
Paduka badhe kawula puji klayan
gumolonging manah,
wonten ing ngajengipun para allah kawula
badhe ngidung masmur kagem Paduka.

2 Kawula badhe sujud madhep ing padaleman
Paduka ingkang suci,
saha memuji dhumateng asma Paduka,
awit saking sih-kadarman lan kasetyan
Paduka,
dene asma saha prasetya Paduka, Paduka
damel nglangkungi samukawis.
3 Sareng kawula sesambat, Paduka lajeng
nyembadani kawula,
Paduka mewahi kasantosan wonten ing
manah kawula.
4 Dhuh Yehuwah, sakathahipun raja ing bumi
badhe sami ngucap sokur dhumateng
Paduka,
awit sami mirengaken janji saking ing
lesan Paduka;
5 sami badhe ngidungaken sapangrehing
Sang Yehuwah,
awit ageng kamulyaning Pangeran
Yehuwah.
6 Pangeran Yehuwah iku luhur, ewadene
nguningani marang wong asor,
sarta kang gumunggung padha dipirsani
saka ing kadohan.
7 Manawi kawula wonten ing salebeting
karibedan,
Paduka ingkang nggesangaken kawula,
Paduka ngagagaken asta Paduka dhateng
nepsunipun para mengsah kawula,
saha kawula kapitulungan ing asta Paduka
tengen.
8 Yehuwah badhe ngrampungaken samukawis
tumrap ing kawula!

Dhuh Yehuwah, sih-kadarman Paduka
punika langgeng ing salaminipun.
Paduka mugi sampun ngantos nilar
pakaryaning asta Paduka.

MASMUR 139

Pandonga ana ing ngarsane Gusti Allah kang mahamirsa

139:1-24

139 1 Kanggo lurah pasindhen. Masmur
anggitane Prabu Dawud.
Dhuh Yehuwah, Paduka ingkang njajagi lan
nguningani kawula.
2 Kawula linggiha utawi ngadega Paduka
uninga,
Paduka mirsa osiking manah kawula
saking katebihan.
3 Paduka nguningani manawi kawula
lumampah utawi ngaso,
saha salampah-lampah kawula Paduka
uningani.
4 Sabab saderengipun ilat kawula ngedalaken
tetembungan,
sayektosipun Paduka sampun nguningani
punika sadaya, dhuh Pangeran Yehuwah.
5 Paduka ngempit kawula saking ing wingking
lan saking ing ngajeng,
lan asta Paduka tansah Paduka ungkulaken
ing kawula.
6 Kawruh ingkang makaten punika langkung
dening elok tumrap ing kawula,

inggilipun ngantos boten kenging kawula
gayuh.
7 Dhateng pundi anggen kawula kesah nebihi
roh Paduka,
dhateng pundi anggen kawula mlajeng
nilar pangayunan Paduka?
8 Manawi kawula sumengka dhateng langit,
Paduka wonten ing ngrika,
manawi kawula nggelar patileman kawula
wonten ing jagadipun tiyang pejah,
Paduka inggih wonten ing ngriku.
9 Manawi kawula mabura mawi swiwinipun
bangbang wetan,
sarta manggena wonten ing poncoting
seganten,
10 ugi wonten ing ngriku kawula katuntun ing
asta Paduka,
saha kaasta ing asta Paduka tengen.
11 Saupami kawula mungela: “Awakku
kalimputana ing pepeteng
lan pepadhang ing sakubengku dadia
bengi,”
12 pepeteng wau boten damel peteng wonten
ing paningal Paduka,
dalu inggih dados padhang kados siyang,
pepeteng sami kados pepadhang.
13 Awit Paduka piyambak ingkang mangun
ginjel kawula,
Paduka ingkang nenun kawula wonten ing
guwagarbanipun biyung kawula.
14 Kawula ngucap sokur dhumateng Paduka
margi elok ngebat-ebati kadadosan
kawula.

Pakaryan Paduka punika elok,
nyawa kawula sanget anggenipun
ngraosaken bab punika.
15 Paduka boten kasamaran dhateng
balung-balung kawula,
nalika kawula katitahaken wonten ing
pasingidan,
saha kawangun wonten ing telenging
bumi.
16 Tingal Paduka nguningani dhateng kawula,
nalika kawula taksih dhapur gatra,
sadaya punika sampun sami kaserat
wonten ing kitab Paduka,
dinten-dinten ingkang badhe kawontenaken,
nalika satunggal kemawon dereng wonten.
17 Dhuh Allah, saiba remitipun panggalih
Paduka punika,
iba kathahipun gunggungipun!
18 Manawi badhe kawula wical gunggungipun
nglangkungi cacahipun pasir;
manawi kawula ngaso, jebul kawula taksih
wonten ing ngarsa Paduka.
19 Dhuh Allah, tiyang duraka mugi Paduka
tumpes,
tiyang ingkang remen ngwutahaken rah,
mugi sami sumingkira saking kawula,
20 ingkang sami nyenyamah Paduka,
sarta ingkang tanpa damel anggenipun
sami nglawan dhumateng Paduka.
21 Dhuh Yehuwah, tiyang ingkang sami sengit
dhumateng Paduka, punapa boten
kawula sengiti,

saha punapa kawula boten bosen dhateng
tiyang ingkang sami mbalela dhumateng
Paduka?
22 Pancen sami kawula sengiti tiyang-tiyang
punika,
sami dados satru kawula.
23 Dhuh Allah, kawula mugi Paduka jajagi
tuwin manah kawula mugi Paduka
uningani,
kawula mugi Paduka dadar sarta
Paduka mugi karsaa nguningani
pangangen-angen kawula.
24 Paduka mugi karsaa niti-priksa, punapa
lampah kawula nyleweng,
sarta karsaa nuntun kawula wonten ing
margi ingkang langgeng!

MASMUR 140

Pandonga nyuwun pangauban marga saka anane para wong ala

140:1-13 (140:1-14)

140 1 Kanggo lurah pasindhen.
Masmur anggitane Prabu Dawud.
(140-2) Dhuh Yehuwah, kawula mugi Paduka
uwalaken saking tiyang awon,
saha Paduka reksaa sampun ngantos
dhawah ing tanganipun tiyang ingkang
remen nganiaya,
2 (140-3) ingkang sami ngrantam-ngrantam
piawon ing salebeting manah,

sarta sadinten-dinten nggosok-gosok
supados perang!
3 (140-4) Sami nglandhepaken ilatipun kados
sawer,
wisanipun sawer bedhudhak wonten ing
lambenipun. (Selah)
4 (140-5) Dhuh Yehuwah, kawula mugi
Paduka jagi sampun ngantos dhumawah
ing tanganipun tiyang duraka,
sarta ing tanganipun tiyang ingkang
ambek-siya tuwin sami ngangkah
ndhawahaken kawula.
5 (140-6) Tiyang kumingsun kalayan
sesidheman sami masangi jiret kawula,
tuwin masang tangsul-tangsul
kadadosaken jaring,
sami masangi kala kawula wonten ing
sauruting margi.
(Selah)
6 (140-7) Unjukku marang Pangeran
Yehuwah: "Paduka punika Allah kawula,
dhuh Yehuwah,
Paduka mugi karsaa nilingaken dhateng
swantening pasambat kawula."
7 (140-8) Dhuh Yehuwah, Gusti kawula,
kakiyataning karahayon kawula,
Paduka ingkang ngayomi sirah kawula
samangsa tempuking perang.
8 (140-9) Dhuh Yehuwah, mugi sampun
ngantos njurungi pikajengipun tiyang
duraka,
sampun nuruti rancanganipun ingkang
dora-cara. (Selah)

9 (140-10) Tiyang ingkang ngepung kawula sami nglangak,
ipat-ipatipun ndhawahana tiyang-tiyang punika.
10 (140-11) Sami kaesokana ing mawa!
kacemplungna wonten ing jurang, satemah boten saged mentas malih.
11 (140-12) Juru pitenah boten badhe lestantun wonten ing bumi,
tiyang ingkang nindakaken kakerasan badhe kabujeng ing bilai.
12 (140-13) Kawula sumerep, bilih Pangeran Yehuwah badhe ngadili prakawisipun tiyang ingkang katindhes,
sarta badhe mbelani prakawisipun tiyang papa.
13 (140-14) Saestu para tiyang mursid badhe sami memuji dhumateng asma Paduka,
saha para tiyang jujur sami badhe manggen wonten ing ngarsa Paduka.

MASMUR 141

Pandonga ing sajroning panyoba

141:1-10

141 1 Masmur anggitane Prabu Dawud.
Dhuh Yehuwah, kawula nyebut dhumateng Paduka,
kawula mugi enggal Paduka rawuhi,
mugi nilingaken dhateng swanten kawula samangsa kawula sesambat dhumateng Paduka.

2 Pandonga kawula mugi dadosa kados
kurban dupa arum kagem Paduka,
saha tangan kawula ingkang kawula
ulukaken dadosa kados pisungsung
kurban ing wanci sonten.
3 Dhuh Yehuwah, Paduka mugi karsaa
ngawat-awati cangkem kawula,
korining lambe kawula mugi Paduka jagi.
4 Manah kawula mugi sampun Paduka
eneraken dhateng piawon,
supados sampun ngantos nindakaken
pandamel ingkang duraka,
sesarengan kaliyan tiyang ingkang nglampahi
piawon,
sarta kawula sampun ngantos ngraosaken
tetedhanipun ingkang eca-eca.
5 Tiyang mursid kajengipun nggebag saha
ngukum kawula, punika katresnan;
nanging lisahipun tiyang duraka sampun
ngantos
ngrengga sirah kawula.
Saestu kawula tansah ndedonga nglawan
pandamelipun awon.
6 Manawi tiyang-tiyang wau kapasrahaken
dhateng para hakimipun,
temtu badhe mireng, bilih tembung kawula
punika ngresepaken.
7 Kadosdene sela ingkang dipun sigar lan
dipun remuk wonten ing siti,
makaten ugi balung-balungipun sami
pating slebar wonten ing cangkeming
jagadipun tiyang pejah.

8 Nanging, dhuh Allah, Gusti kawula, mripat
kawula tumenga dhateng Paduka,
kawula ngungsi dhateng Paduka,
Paduka sampun ngantos mbanting kawula.
9 Paduka mugi karsaa ngayomi kawula
sampun ngantos kenging ing jiret,
ingkang kangge masangi kawula, saha ing
kalanipun tiyang ingkang nindakaken
piawon.
10 Tiyang duraka sami badhe dhawah
sesarengan ing jaringipun piyambak,
nanging kawula saged ngoncati.

MASMUR 142

Pandongane wong kang kaoyak-oyak

142:1-7 (142:1-8)

142 1 Kidung piwulang anggitane Prabu
Dawud, nalika ana ing guwa;
sawijining donga.
(142-2) Aku nyebut marang Sang Yehuwah
kalawan swara sora,
kalawan swara sora anggonku nyenyuwun
marang Pangeran Yehuwah.
2 (142-3) Pangadhuhku dakesokake ana ing
ngarsane,
karubedanku dakaturake marang
Panjenengane.
3 (142-4) Manawi manah kawula nglentrih,
Paduka nguningani lampah kawula.
Wonten ing margi ingkang kawula ambah,

tiyang wau sami masangi jiret kawula
kalayan singidan.
4 (142-5) Kawula mulat manengen sarta
milang-miling,
boten wonten tiyang satunggal kemawon
ingkang mreduli dhateng kawula;
papan pangungsen kawula sampun ical,
boten wonten tiyang satunggal-tunggala
ingkang ngupadosi kawula.
5 (142-6) Dhuh Yehuwah, kawula nyebut
dhumateng Paduka,
unjuk kawula: “Paduka punika papan
pangauban kawula,
inggih panduman kawula wonten ing
nagarinipun tiyang gesang!”
6 (142-7) Paduka mugi karsaa nilingaken
pasambat kawula,
amargi kawula sampun lungkrah sanget,
Paduka mugi karsaa nguwalaken kawula
saking tiyang ingkang sami ngoyak-oyak
kawula,
amargi kekiyatanipun nglangkungi kawula.
7 (142-8) Kawula mugi Paduka luwari saking
pakunjaran
supados sageda ngalembana asma
Paduka.
Para tiyang mursid sami badhe ngepang
kawula,
manawi Paduka nandukaken kadarman
dhateng kawula.

MASMUR 143

Pandonga nyuwun pitulungan lan piwulang

143:1-12

143 [1] Masmur anggitane Prabu Dawud.
Dhuh Yehuwah, Paduka mugi karsaa
miyarsakaken pandonga kawula,
pasambat kawula mugi Paduka tilingaken!
Mugi karsaa nyembadani panyuwun kawula
ing salebeting kasetyan tuwin kaadilan
Paduka!
[2] Paduka mugi sampun ngantos prakawisan
kaliyan abdi Paduka punika,
awit ing antawisipun tiyang gesang boten
wonten ingkang pinanggih leres wonten
ing ngarsa Paduka.
[3] Awitdene satru sampun ngoyak-oyak
kawula
sarta ngeplekakaken nyawa kawula ing siti,
nglebetaken kawula dhateng ing pepeteng
kados tiyang ingkang sampun pejah lami.
[4] Nyawa kawula nglentrih lemes wonten ing
batos kawula,
manah kawula legeg-legeg wonten ing
badan kawula.
[5] Kawula kengetan dhateng dinten-dinten ing
jaman kina,
kawula ngraos-ngraosaken dhateng
sadaya pakaryan Paduka,

kawula manah-manah dhateng
pakaryanipun asta Paduka.
6 Kawula ngegaraken tangan kawula
dhumateng Paduka,
nyawa kawula ngorong dhumateng Paduka
kados siti ingkang cengkar. (Selah)
7 Dhuh Yehuwah, Paduka mugi enggal karsaa
paring wangsulan dhumateng kawula,
semangat kawula sampun telas!
Paduka mugi sampun nyingidaken wadana
Paduka saking kawula,
ngantos kawula kados tiyang-tiyang
ingkang sami mandhap dhateng ing
kubur.
8 Kawula ing wanci enjing mugi kawedharana
sih-kadarman Paduka,
awit kawula kumandel dhumateng Paduka!
Kawula mugi Paduka tedahaken margi
ingkang kedah kawula ambah,
awit nyawa kawula tumenga dhumateng
Paduka.
9 Dhuh Yehuwah, kawula mugi Paduka
uwalaken saking satru-satru kawula,
kawula ngayom dhumateng Paduka.
10 Kawula mugi Paduka wulang nglampahi
karsa Paduka,
awit Paduka punika Gusti Allah kawula!
Roh Paduka ingkang sae mugi nuntuna
lampah kawula
wonten ing siti ingkang wradin.
11 Dhuh Yehuwah, kawula mugi Paduka
gesangaken margi saking asma Paduka,

nyawa kawula mugi Paduka entas saking
karibedan demi kaadilan Paduka.
12 Satru kawula mugi sami Paduka tumpes
demi sih-susetya Paduka,
saha sakathahipun tiyang ingkang
ngrubedi kawula mugi Paduka
sirnakaken,
awitdene kawula punika abdi Paduka.

MASMUR 144

Kidung panuwunipun Sang Prabu

144:1-15

144 1 Anggitane Prabu Dawud.
Pinujia Pangeran Yehuwah
peparangku,
kang mulang perang tanganku,
nggladhi tarung drijiku,
2 kang dadi pangaubanku lan bebetengku,
kuthaku kang santosa lan kang ngluwari
aku
tetamengku sarta papan pangungsenku,
kang nelukake bangsa-bangsa marang ing
pangwasaku!
3 Dhuh Yehuwah, manungsa punika punapa
ta, dene kok Paduka gatosaken,
punapadene anaking manungsa, dene kok
Paduka galih?
4 Manungsa punika sami kados angin,
dinten-dintenipun kados wewayangan
ingkang lumampah.

5 Dhuh Yehuwah, Paduka mugi karsaa mentiyungaken langit Paduka,
saha lajeng karsaa tumedhak.
Paduka mugi karsaa ndumuki redi-redi supados sami ngedalaken kukus.
6 Paduka mugi karsaa mbabitaken kilat sami kabuyarna.
Paduka mugi karsaa nglepasaken jemparing Paduka, temahan sami pating bilulung.
7 Paduka mugi karsaa mulungaken asta Paduka saking ing ngaluhur,
kawula mugi kauwalna saha kaluwarana
saking bena saking tanganipun para tiyang ngamanca,
8 ingkang cangkemipun ngucapaken dora,
sarta ingkang tanganipun tengen punika tangan tengening cidra.
9 Dhuh Allah, kawula badhe memuji dhumateng Paduka klayan kekidungan enggal,
kawula badhe ngidung masmur kagem Paduka mawi slukat kawat sadasa.
10 Paduka ingkang paring kaunggulan dhumateng para raja,
sarta ngluwari Dawud, abdi Paduka.
11 Paduka mugi karsaa ngluwari kawula saking pedhanging bilai,
kauwalna saking tanganipun para tiyang ngamanca,
ingkang cangkemipun sami ngucapaken dora,

tuwin tanganipun tengen punika tangan tengening cidra.
12 Mugi-mugi anak-anak kawula jaler sami dadosa tetaneman,
ingkang thukul dados ageng ing nalika enemipun,
sarta anak-anak kawula estri sami dadosa saka-saka pojokan,
ingkang dipun tatahi kangge yeyasan kraton.
13 Gudhang-gudhang pasimpenan kawula mugi sami kebaka, ngedalaken barang rupi-rupi,
menda kawula sami bebranahana dados ewon,
dasanan ewon wonten ing pangenan kawula!
14 Lembu-lembu kawula sami sageda wreden,
sarta sampun ngantos wonten ingkang boten dados lan kluron,
punapadene boten wonten panjerit ing ara-ara kawula!
15 Rahayu bangsa kang tinemu kaya mangkono!
Rahayu bangsa kang Gusti Allahe Pangeran Yehuwah!

MASMUR 145

Kidung pepujian marga saka kamurahaning Sang Yehuwah

145:1-21

145 1 Pepujian anggitane Prabu Dawud.
Dhuh Allah kawula, dhuh Ratu kawula, Paduka badhe kawula luhuraken,
saha badhe tansah memuji asma Paduka ing salaminipun.
2 Saben dinten kawula badhe memuji dhumateng Paduka,
saha asma Paduka badhe tansah kawula luhuraken ing salaminipun.
3 Pangeran Yehuwah punika agung sarta sanget pinuji-puji
kaluhuranipun punika boten saged jinajagan.
4 Saben turun badhe ngalembana pakaryan Paduka,
saha sami badhe nyariyosaken kasantosan Paduka.
5 Cahyanipun kamulyan Paduka ingkang agung
tuwin pakaryan Paduka ingkang elok badhe kawula kidungaken.
6 Tiyang kathah sami badhe nggiyar-nggiyaraken kakiyataning pakaryan Paduka ingkang nggegirisi,

sarta kaluhuran Paduka badhe kawula
cariyosaken.
7 Pengetan tumrap kasaenan Paduka ingkang
ageng badhe kaundhangaken dening
tiyang-tiyang wau,
tuwin badhe sami surak-surak margi
saking kaadilan Paduka.
8 Pangeran Yehuwah punika ambek asih sarta
welasan,
sabar sanget saha ageng sanget
sih-kadarmanipun.
9 Kasaenanipun Sang Yehuwah punika
nyrambahi tiyang sadaya
saha sihrahmatipun ngluberi sadaya
ingkang katitahaken dening
Panjenenganipun.
10 Dhuh, Yehuwah, sadaya ingkang
Paduka titahaken punika sami badhe
ngunjukaken panuwun dhumateng
Paduka,
sarta para kekasih Paduka badhe sami
memuji dhumateng Paduka,
11 sami badhe nyuwuraken kamulyaning
karajan Paduka,
sarta badhe ngrembag kasantosan Paduka,
12 supados para anaking manungsa sami
mireng pawartos bab kasantosan
Paduka,
kaliyan kamulyaning sumorotipun karajan
Paduka.
13 Karajan Paduka punika karajan ingkang
langgeng,

tuwin peprentahan Paduka punika tetep
sumrambah dhateng sadaya anak-putu.
Pangeran Yehuwah punika setya ing
sadhawuhipun
lan kebak sih-kadarman tumrap
sakathahing pakaryanipun.
14 Pangeran Yehuwah punika dados tetuwak
tumrap sakathahipun tiyang ingkang
dhawah
lan ingkang njejegaken sakathahing tiyang
ingkang tumungkul.
15 Sakathahipun mripat sami ngadhang-
adhang dhumateng Paduka,
lan inggih sami Paduka paringi tedha ing
kala mangsanipun.
16 Paduka ingkang ngegaraken asta Paduka,
lan kepareng nuwuki sadaya ingkang
gesang.
17 Pangeran Yehuwah iku adil ing satindak-
tanduke,
sarta kebak sih-kadarman ing
sapandamele.
18 Pangeran Yehuwah celak karo saben wong
kang nyebut marang asmane,
lan karo wong kang sesambat marang
Panjenengane kalawan setya.
19 Para wong kang ngabekti marang Gusti
Allah padha dijurungi kekarepane,
dipiyarsakake pasambate banjur padha
diluwari.
20 Pangeran Yehuwah ngreksa marang
sakabehing wong,

kang tresna marang Panjenengane,
nanging sakehing wong duraka bakal padha ditumpes.
21 Cangkemku ngunjukake pepujian marang Pangeran Yehuwah,
sarta sakehing makhluk kareban padha tansah ngluhurake asmane kang suci ing salawase.

MASMUR 146

Mung Gusti Allah kang paring pitulungan ora ana liyane

146:1-10

146 1 Haleluya!
Dhuh nyawaku, saosa puji marang Pangeran Yehuwah!
2 Aku bakal ngluhurake Sang Yehuwah sajegku urip,
Allahku bakal dakpuji kalawan masmur sajrone aku isih ana.
3 Aja kumandel marang para panggedhe,
lan marang anaking manungsa kang ora bisa aweh karahayon.
4 Manawa nyawane pecat, banjur bali menyang ing lemah;
ing dina iku uga kekarepane sirna.
5 Rahayu wong kang ndarbeni Allahe Rama Yakun minangka pamomonge,
kang pengarep-arepe marang Sang Yehuwah, Gusti Allahe,

6 Panjenengane kang nitahake langit lan
bumi,
segara lan saisine kabeh,
kang tetep setya ing salawase,
7 kang njejegake kaadilan tumrap wong
kang padha ditindhes,
kang paring pangan marang wong kang
padha keluwen,
Pangeran Yehuwah ngluwari wong kang
padha kinunjara.
8 Pangeran Yehuwah ngelekake mripate
para wong wuta,
Pangeran Yehuwah njejegake para wong
kang tumungkul,
Pangeran Yehuwah ngasihi marang para
wong mursid.
9 Pangeran Yehuwah ngreksa marang wong
ngamanca,
bocah lola lan randha padha disantosakake
maneh,
nanging dalane wong duraka dienggokake.
10 Pangeran Yehuwah iku jumeneng raja ing
salawase,
Allahmu, he Sion, turun-tumurun.
Haleluya!

MASMUR 147

Panguwasa lan kamurahaning Pangeran Yehuwah

147:1-20

147 1 Haleluya!
Sanyata becik ngidungake masmur
marang Allah kita iku,
malah iku nengsemake lan pantes
ngidungake pamuji iku.
2 Pangeran Yehuwah mbangun Yerusalem,
sarta ngempalake para wong Israel kang
pating blesar.
3 Panjenengane mulihake wong kang pepes
atine,
padha diblebedi tatune.
4 Pangeran nemtokake cacahe lintang-
lintang,
padha kasebut jenenge dhewe-dhewe.
5 Gusti Allah kita iku agung lan ngleluwihi
kakiyatane,
kawicaksanane ora kena winirasa.
6 Pangeran Yehuwah nyantosakake maneh
para wong kang katindhes,
nanging para wong duraka padha
diesorake nganti konjem ing bumi.
7 Padha ngrepekna kidung pamuji sokur
marang Pangeran Yehuwah,
padha ngidunga masmur konjuk marang
Gusti Allah kita kanthi swaraning
clempung!

8 Panjenengane kang nutupi langit kalawan mendhung
kang nyawisi udan marang bumi,
kang damel gunung-gunung padha nukulake suket.
9 Panjenengane kang paring pakan marang sato-kewan,
marang anak-anaking gagak kang padha celuk-celuk.
10 Pangeran ora karenan marang karosaning jaran,
lan marang sikile wong lanang.
11 Pangeran Yehuwah karenan marang wong kang ngabekti marang Panjenengane,
lan para wong kang ngarep-arep marang sih-kadarmane.
12 He Yerusalem, ngalembanaa marang Sang Yehuwah,
he Sion saosa puji marang Allahmu,
13 awit Pangeran nyantosani slaraking gapuramu,
sarta mberkahi anak-anakmu ana ing wewengkonmu.
14 Panjenengane kang nentremake satanah wewengkonmu,
maregi kowe kalawan pepethinganing gandum.
15 Panjenengane maringake dhawuhe marang bumi,
Pangandikane lumawat pesat.
16 Pangeran paring salju kaya wulu wedhus gembel,
nyawurake ebun njendhel kaya awu.

17 Pangeran nguncalake jendhelan banyu
kaya pecahan,
sapa bisa tahan ngadeg mbetahake
adheme?
18 Panjenengane ngandika, kabeh banjur ajer
maneh,
Panjenengane ngigidake angin, banyune
tumuli mili.
19 Sabdane kaparingake marang Rama
Yakub,
apadene pranatane lan angger-anggere
marang Rama Israel.
20 Panjenengane ora nindakake mangkono
tumrap sakehing bangsa,
sarta para bangsa iku padha ora sumurup
marang sarake.
Haleluya.

MASMUR 148

Langit lan bumi padha ngluhurna Pangeran Yehuwah

148:1-14

148 1 Haleluya!
Padha saosa puji marang Pangeran
Yehuwah kang ana ing swarga!
Padha saosa puji marang Panjenengane
kang ana ing ngaluhur!
2 He sakehe malaekate, padha saosa puji
marang Panjenengane!
He wadya-balane, padha saosa puji
marang Panjenengane!

3 He srengenge lan rembulan, padha saosa puji marang Panjenengane!
He sakehing lintang kang gumebyar, padha saosa puji marang Panjenengane!
4 He langit kang ngungkuli sakehe langit, padha saosa puji marang Panjenengane!
he, banyu kang ana ing sandhuwuring langit!
5 Sakabehe iku padha memujia marang asmaning Yehuwah,
amarga Pangeran ngandika, samubarang kabeh banjur padha dumadi.
6 Pangeran ngadegake sakabehe iku kanggo sabanjure lan ing salawase,
sarta netepake paugeran kang ora kena katerak.
7 Padha saosa puji marang Pangeran Yehuwah ana ing bumi,
he ula-ula naga lan saindenging samodra agung;
8 he geni lan udan es, salju lan pedhut,
angin prahara kang nindakake sabdane;
9 he gunung-gunung lan sakehing tetengger,
sakehe karang-kitri lan sakehing wit eres;
10 he para kewan alasan lan sakehing kewan,
kewan kang gumremet lan manuk-manuk kang mawa swiwi.
11 He para raja ing bumi lan sakehing bangsa,
para panggedhe lan sakehe peprentahan ing jagad,
12 he para jaka lan para prawan,
para wong tuwa lan wong anom!

13 Kabeh iku kareben padha memuji marang asmaning Yehuwah,
awit mung asmane kang luhur,
kamulyane ngungkuli bumi lan langit.
14 Sungune umate wus kaluhurake,
dadi kidung pepujian tumrap sakehing wong kang dikasihi,
tumrap wong Israel, umat kang rumaket marang Panjenengane.
Haleluya!

MASMUR 149

Kidung kaunggulan tumrap wong Israel

149:1-9

149 1 Haleluya!
Padha ngrepekna kekidungan anyar kagem Pangeran Yehuwah!
Panjenengane saosana puji ana ing pasamuwane para wong mursid.
2 Bangsa Israel cikben bungah-bungah awit saka Gusti Allah, kang nitahake,
para anake Sion kareben padha asurak-surak awit saka ratune.
3 Iku kareben padha memuji asmane kalawan jejogedan,
sarta kareben padha ngidungake masmur kagem Panjenengane kanthi swaraning terbang lan clempung,
4 awitdene Pangeran Yehuwah karenan marang umate,

para wong andhap-asor bakal dimakuthani
kalawan karahayon.
5 Para wong mursid kareben padha sukarena
sajroning kamulyan,
padha surak-surak ana ing paturone.
6 Kidung panggunggung marang Allah
kareben ana ing gorokane,
sarta tangane kareben padha sikep
pedhang kang landhep kiwa-tengen,
7 kagawe nandukake piwales marang para
bangsa,
lan kanggo niksa marang para suku
bangsa,
8 kanggo mblenggu para ratune kalawan
rante,
lan para panggedhene kalawan blenggu
wesi,
9 kanggo matrapi paukuman marang
wong-wong iku kaya kang wus
katulisan.
Iku kamulyane sakehing para kang
dikasihi.
Haleluya!

MASMUR 150

Haleluya

150:1-6

150 1 Haleluya!
Padha saosa puji marang Gusti Allah
ana ing pasucene!

Padha saosa puji marang Panjenengane
ana ing cakrawalane kang santosa!
2 Padha saosa puji marang Panjenengane
marga saka sakehing kakiyatane,
padha saosa puji marang Panjenengane
marga saka kaluhurane kang
ngebat-ebati!
3 Padha saosa puji marang Panjenengane
kanthi swaraning kalasangka.
Padha saosa puji marang Panjenengane
kanthi clempung lan slukat!
4 Padha saosa puji marang Panjenengane
kanthi terbang lan jejogedan,
padha saosa puji marang Panjenengane
kanthi swaraning clempung lan suling!
5 Padha saosa puji marang Panjenengane
kanthi kecer kang kumencring,
padha saosa puji marang Panjenengane
kanthi kecer kang gumenjreng!
6 Kabeh kang ambekan kareben padha saosa
puji marang Pangeran Yehuwah!
Haleluya!

WULANG BEBASAN

Tujuane Wulang Bebasan iki

1:1-7

1 [1] Wulang bebasan anggitane Prabu
Suleman putrane Prabu Dawud, ratu ing
Israel,
[2] kanggo nyumurupi kawicaksanan lan
pamerdi,
supaya mangreti marang tembung-
tembung kang ana maknane,
[3] kanggo nampani pamerdi kang marakake
pinter,
sarta kabeneran, kaadilan lan kejujuran,
[4] kanggo aweh kalantipun marang wong kang
ora duwe pangalaman,
sarta kawruh lan kawicaksanan marang
wong anom; --
[5] wong kang wicaksana, becik ngrungokna,
supaya wuwuh ngelmune,
lan wong kang duwe pangreten supaya
oleh bab-bab kang kena kanggo
tetimbangan --
[6] kanggo nyumurupi isine wulang bebasan
lan pralambang,
apadene tetembungan lan sanepane para
wicaksana.
[7] Wedi-asih marang Yehuwah iku wiwitaning
kawruh,

nanging wong bodho padha ngremehake
kawicaksanan lan pamerdi.

Pitutur lan pepeling

1:8-19

8 He anakku, ngrungokna marang pamerdine
bapakmu,
lan aja ninggal piwulange ibumu;
9 marga oncen-oncen kembang kang endah
iku kanggo sirahmu,
sarta kalung kanggo gulumu.
10 He anakku, manawa kowe dibujuk dening
wong dosa,
kowe aja nurut;
11 manawa iku padha duwe pangucap:
“Marang melua aku, padha ndingkik getih,
nginjen marang wong tanpa kaluputan,
tanpa sabab;
12 payo iku padha diuntal urip-uripan, kaya
jagade wong mati,
diuntal babar pisan kaya kang mudhun
marang ing kubur;
13 temah kita padha oleh barang rupa-rupa
kang akeh ajine,
padha bisa ngebaki omah kita kalawan
barang rampasan,
14 undhimu buwangen ana ing tengahku,
kanthong siji kanggo kita kabeh.”
15 He anakku, uripmu aja niru tindak-tanduke
wong-wong mau,
sikilmu edohna saka ing dalane;

16 awit sikile wong iku parane marang ing
piala,
sarta cukat manawa arep ngwutahake
getih.
17 Marga tanpa guna masang jaring
ana ing ngarepe sadhengah kang duwe
suwiwi;
18 mangka wong iku mau padha ngadhang
marang getihe dhewe
lan ndingkik marang nyawane dhewe.
19 Kaya mangkono pangalamane saben wong
murka ing bab bebathen peteng,
kang ngrebut nyawane wong kang
ndarbeni.

Pitutur bab kawicaksanan

1:20-33

20 Kawicaksanan nguwuh-uwuh seru ana ing
lurung-lurung,
sarta nyuwara ana ing ara-ara,
21 anggone nguwuh-uwuh ana ing sadhuwure
balowerti,
ana ing sangarepe gapuraning kutha
anggone nglairake tembung-tembunge.
22 "He wong kang ora duwe pangalaman,
nganti pira lawase,
anggonmu isih nresnani kaananmu iku,
tukang poyok anggone seneng memoyok
lan wong bodho anggone sengit marang
kawruh?
23 Padha madhepa marang pamelehku, lah
aku arep ngesokake isining atiku

lan nyumurupake tembungku marang
kowe.
24 Sarehne kowe mopo nalika dakundang,
lan ora ana wong kang ngrewes nalika aku
ngulurake tanganku,
25 malah kowe padha nyepelekakake pituturku
lan ora gelem nampani pepelingku,
26 mulane aku iya bakal nggeguyu bilaimu,
lan nyokurake samangsa kowe ketekan
pagiris,
27 samangsa kowe ketekan ing pagiris kang
kaya prahara,
lan katempuh ing bilai kang kaya lesus,
sarta kataman ing karupekan lan
kasusahan.
28 Ing kono bakal padha sambat-sambat
marang aku, nanging ora bakal
dakwangsuli,
kanthi temen-temen anggone padha
ngupaya aku, nanging ora bisa katemu.
29 Sarehne padha sengit marang kawruh lan
ora milih ngabekti marang Pangeran
Yehuwah,
30 padha emoh nampani pituturku,
nanging padha nampik marang sakehe
pamelehku,
31 mulane bakal padha mangan wohing
panggawene,
sarta padha wareg dening rancangane
dhewe.
32 Awitdene wong kang tanpa pangalaman
iku bakal kapatenan dening anggone
lumun;

sarta wong bodho bakal kasirnakake
dening sembranane.
33 Balik sing sapa nggugu marang aku, iku
bakal manggon kalawan slamet,
kalis ing bilai kang nggegirisi.”

Gunane ngupaya kawicaksanan

2:1-22

2 1 He anakku, manawa kowe nampani
tembung-tembungku,
lan nyimpen prentahku ana ing sajroning
atimu,
2 temah kupingmu nggatekake marang
kawicaksanan,
sarta atimu kokadhepake marang
kapinteran,
3 lan manawa kowe njaluk tulung marang
pangreten,
lan ngenerake swaramu marang
kapinteran,
4 manawa iku kokupaya kaya golek salaka,
lan pangoyakmu kaya mburu rajabrana
kapendhem,
5 kowe tumuli bakal nemu pangreten bab
wedi-asih marang Pangeran Yehuwah
lan oleh kawruh bab Gusti Allah.
6 Awitdene Sang Yehuwah kang paring
kawicaksanan,
saka ing lesane miyos kawruh lan
kapinteran.
7 Panjenengane nyawisi pitulungan marang
wong kang jujur, --

Panjenengane iku dadi tetamenge para
wong kang lakune tanpa cacad --
8 kambi njagi lakuning kaadilan,
lan ngreksa lakune para kagungane yaiku
wong kang padha setya.
9 Mangkono dadine kowe bakal ngreti bab
kabeneran, kaadilan,
lan kejujuran, malah sarupane dalan kang
becik.
10 Awitdene kawicaksanan bakal lumebu ing
atimu
sarta kawruh iku bakal nyenengake
nyawamu;
11 kawicaksanan bakal ngopeni kowe,
sarta kapinteran bakal rumeksa marang
kowe,
12 supaya kowe kaedohna saka ing dalan
kang ala,
saka wong kang nglairake apus krama;
13 saka wong kang padha ngungkurake dalan
kang lurus
lan lumaku ing dalan kang peteng;
14 kang seneng nindakake piala,
sarta surak-surak marga saka kadursilane;
15 kang menggak-menggok lakune
lan kang keblinger tindak-tanduke;
16 karomaneh supaya kowe uwal saka wanita
tuna-susila,
lan wong wadon liyane kang lunyu
tembung-tembunge,
17 kang ninggal bojone jaka-lara,
sarta lali marang prasetyane Gusti Allah;
18 lan omahe ilang ambles marang pati,

sarta dalane anjog ing papaning
arwah-arwah.
19 Sapa kang marani wong iku, ora bisa bali,
lan ora bisa tumeka ing dalaning urip.
20 Mulane lumakua ing dalane wong kang
becik,
nirua lakune wong mursid.
21 Marga wong jujur kang bakal padha
ngenggoni tanah,
lan para wong kang tanpa cacad bakal
padha tetep manggon ing kono,
22 nanging para wong duraka bakal padha
kasirnakake saka ing tanah iku,
sarta wong kang laku cidra bakal padha
kabuwang saka ing kono.

Berkahing kawicaksanan

3:1-26

3 1 He anakku, aja lali marang piwulangku,
sarta atimu ngopenana sakehing
pepakonku,
2 amarga umur dawa lan urip nganti tuwa,
apadene katentreman bakal kawuwuhake
marang kowe.
3 Katresnan lan kasetyan muga aja nganti
ninggal kowe,
iku kalungna ing gulumu, catheten ana ing
papaning atimu;
4 temah kowe bakal oleh sih lan dadi kajen
ana ing ngarsane Gusti Allah lan ana ing
ngarepe manungsa.

5 Kumandela marang Pangeran Yehuwah
klawan gumolonging atimu,
lan aja sumendhe marang pangretenmu
dhewe.
6 Ing salaku-lakumu ngakonana
Panjenengane,
temah Panjenengane bakal nglencengake
dalanmu.
7 Aja rumangsa pinter dhewe,
wedi lan asiha marang Sang Yehuwah lan
ngedohana piala,
8 iku kang bakal marasake awakmu,
sarta nyegerake balung-balungmu.
9 Pangeran Yehuwah luhurna kalawan
bandhamu
lan srana kawitaning sakehe pametumu;
10 temah lumbungmu bakal dikebaki nganti
luber,
lan pamipitanmu luber anggure.
11 He anakku, aja nampik marang pamerdine
Sang Yehuwah,
lan aja bosen marang pepengete,
12 awitdene Pangeran Yehuwah iku matrapi
sapa wong kang disihi,
iya kaya bapa anggone matrapi marang
anak kang ditresnani.
13 Rahayu wong kang tampa kawicaksanan,
wong kang oleh kapinteran,
14 awitdene oleh-olehane kawicaksanan iku
ngluwihi oleh-olehane salaka,
lan pikolehe ngungkuli emas.
15 Ajine ngluwihi raja-peni,

apa bae kang kokkarepake ora bisa
madhani.
16 Tangane tengen nggegem umur dawa,
kang kiwa nyekel kasugihan lan
kaurmatan.
17 Dalane iku kebak kabegjan,
lan sakehe lurunge anane mung tentrem.
18 Iku dadi wit panguripan tumrap wong kang
padha nyekel
sarta kang padha gondhelan iku kaaranan
begja.
19 Klawan kawicaksanan Sang Yehuwah
anggone nalesi bumi,
sarta anggone netepake langit kalawan
pangreten,
20 marga saka kawasisane Gusti Allah,
banyuning sagara dipencarake,
lan mendhung netesake ebun.
21 He anakku, panglimbang lan kawicaksanan
aja nganti sumingkir saka ing ngarepmu,
iku simpenen,
22 iku bakal dadi uripe nyawamu,
lan minangka rerenggane gulumu.
23 Lakumu ana ing dalanmu bakal slamet,
lan sikilmu ora bakal kesandhung.
24 Samangsa kowe turon, bakal ora kaget,
nanging bisa leyeh-leyeh lan turu kepenak.
25 Aja wedi marang pagiris kang tekane
dadakan,
utawa marang karusakane wong duraka,
samangsa nekani.
26 Awitdene Sang Yehuwah kang bakal dadi
andel-andelmu,

lan kang bakal rumeksa marang sikilmu
supaya aja nganti kejiret.

Pamrayoga supaya nindakake kabecikan

3:27-35

27 Aja nggondheli kabecikan marang wong kang wenang nampani,
mangka kowe bisa tumindak mangkono.
28 Kowe aja nyelathoni pepadhamu: “Lungaa, lan balia,
sesuk bakal dakwenehi,” mangka nyatane kowe duwe apa kang dijaluk.
29 Aja ngrancang gawe piala marang pepadhamu,
awit anggone tetunggalan karo kowe tanpa sanggarunggi.
30 Aja padu karo wong tanpa sabab;
manawa ora nandukake piala marang kowe.
31 Aja meri marang wong kang ambek siya,
lan aja milih dalane, sanajan mung siji bae kang kokpilih;
32 awitdene wong kang laku nasar iku nistha tumrap Sang Yehuwah,
nanging karo wong kang temen pasrawungane raket.
33 Omahe wong duraka iku kanggonan laknate Sang Yehuwah,
nanging panggonane wong mursid diberkahi.
34 Para wong ambek memoyok iku dipoyoki dening Panjenengane,

nanging para wong kang andhap asor iku
dikasihi.
35 Wong wicaksana bakal oleh warisan
kaurmatan,
nanging wong punggung bakal tampa
pamoyok.

Pitutur supaya ngupaya kawicaksanan

4:1-27

4 1 He bocah-bocah, padha ngrungokna
pamerdining bapa,
lan titenana supaya kowe bisa oleh
pangreten,
2 awitdene piwulang kang becik kang
dakwenehake marang kowe,
aja padha ninggal marang pituduhku.
3 Marga nalika aku isih bocah tunggal saomah
karo bapakku,
aku ringkih lan dadi anak ontang-antinge
ibuku;
4 aku diwulang bapakku, pituture mangkene:
“Atimu dimen nggondheli tembung-
tembungku;
pituturku tetepana, temah kowe bakal
urip;
5 mbudidayaa supaya oleh kawicaksanan,
marsudia supaya oleh pangreten,
aja ndleya lan aja nyimpang saka
tembung-tembung kang metu saka ing
cangkemku.
6 Aja nyingkur marang kawicaksanan, temah
kowe bakal direksa,

iku tresnanana, temah kowe bakal
digumateni.
7 Wiwitane kawicaksanan iku: marsudia
supaya oleh kawicaksanan,
lan mbudidayaa oleh pangreten srana
sabarang kang wus kokdarbeni.
8 Iku ajenana, temah kowe bakal diluhurake,
manawa kokrangkul, kowe bakal
kadadekake kajen keringan.
9 Sirahmu bakal dietrapi oncen-oncen
kembang kang endah,
sarta kowe bakal diwenehi makutha kang
adi."
10 He anakku, rungokna lan tampanana
pituturku,
temah bakal dawa umurmu.
11 Kowe dakwulang bab dalane kawicaksanan,
daktuntun lakumu ana ing dalan kang
lurus.
12 Manawa kowe lumaku, jangkahmu bakal
ora dialang-alangi,
manawa lumayu, ora bakal kesandhung.
13 Manuta marang pamerdi, aja kokeculake,
iku reksanen, marga iya iku uripmu.
14 Aja ngambah dalane wong duraka,
lan aja tumapak ing lurunge wong ala.
15 Dalan iku dohana, aja metu ing kono,
nyimpanga lumakua terus,
16 awit wong iku padha ora bisa turu,
yen durung nindakake piala, ngantuke
ilang,
yen durung gawe kesandhunge wong;

17 awit padha mangan roti pametuning
duraka,
sarta ngombe anggur pametune ambek
siya.
18 Nanging dalane wong mursid iku kaya
pepadhang ing wayah esuk,
kang mundhak-mundhak padhange nganti
tumeka ing wayah tengange.
19 Dalane wong duraka iku kaya pepeteng,
padha ora sumurup apa kang marakake
kesandhung.
20 He anakku, nggatekna tembungku,
kupingmu telingna marang apa kang
dakucapake:
21 kabeh iku aja nganti sumingkir saka ing
ngarepmu,
simpenen ana ing sajroning telenge atimu;
22 awit iku dadi panguripane wong kang
nemu,
lan dadi kawarasaning badane sakojur.
23 Atimu reksanen kanthi waspada,
awit iku etuking panguripan.
24 Cangkem kang cidra singkirna saka ing
awakmu,
lan lambe kang kablinger buwangen kang
adoh.
25 Mripatmu kareben terus mandeng
mangarep,
lan pandelenge mripatmu tansah
katujokna mangarsa.
26 Metua ing dalan kang rata,
sarta sakehe lakumu diajeg.
27 Aja menggok mangiwa utawa manengen,

sikilmu edohna saka ing piala.

Pitutur bab laku jina

5:1-23

5 1 He anakku, nggatekna marang kawicaksananku,
kupingmu tilingna marang kapinteran kang dakwulangake,
2 supaya kowe gondhelan ing kawicaksanan,
lan lambemu ngemota kawasisan.
3 Awit lambene wong wadon tunasusila netesake madu,
lan cethake lunyu ngungkuli lenga;
4 nanging wekasane pait kaya rempelu,
lan landhepe kaya pedhang kang mempan kiwa-tengen,
5 tumapaking dlamakane mudhun menyang pati,
jangkahe anjong marang jagading wong mati.
6 Lakune ora metu ing dalaning urip,
lakune nasar ora kanthi disumurupi.
7 Awit saka iku, he bocah-bocah, padha ngrungokna tembung-tembungku,
aja nyimpang saka pituture cangkemku.
8 Lakumu ngedohana wong wadon mau,
lan aja nyedhaki lawanging omahe,
9 supaya kanomanmu aja kokpasrahake marang wong liya,
lan umurmu marang kang ambek siya;
10 supaya wong liya aja nganti maregi awake srana kasugihanmu,

lan pituwasing kangelanmu aja nganti
tumiba marang wong kang ora
kokwanuhi,
11 lan ing wekasane kowe bakal sambat-
sambat,
yen daging lan awakmu padha rusak
kabeh;
12 sarta pangucapmu: "Yagene aku kok
gething marang pamerdi,
lan atiku kok nampik pameleh,
13 yagene aku ora ngrungokake pituture para
guruku,
lan ora nilingake marang tembunge kang
padha mulang aku?
14 Meh bae aku kejlungup ing sawernaning
bilai
ana ing satengahing pasamuwan lan
pakumpulan."
15 Kowe ngombea banyu ing kulahmu dhewe,
ngombea saka ing sumurmu kang
ngumbul.
16 Apa pantes manawa sumbermu luber
kaya kalen-kalen menyang ing ara-ara.
17 Iku mung dadia duwekmu dhewe,
aja nganti ana wong kang melu nduweni.
18 Sendhangmu muga diberkahana,
bungaha karo somahmu jaka-lara.
19 Menjangan kang manis, kidang kang ayu
muga susune iku tansah maremake kowe,
muga katresnane iku kang ngenyutake
kowe.
20 He anakku, yagene kowe nganti kepencut
marang wong wadon tuna-susila,

lan ngrangkul dhadhane wong wadon liya?
21 Amarga Pangeran Yehuwah ora kasamaran
marang sakehe tumindake wong,
sarta mirsani sakehing pratingkahe
manungsa.
22 Wong duraka ketangkep ing sajroning
pialane,
lan kejiret ing talining dosane dhewe.
23 Wong iku mati, marga ora oleh pamerdi,
lan kesasar marga saka bangeting
bodhone.

Pitutur warna-warna

6:1-19

6 1 He anakku, manawa kowe nanggung
pepadhamu,
lan gawe prajanjian karo wing liya;
2 manawa kowe kejiret ing tembungmu
dhewe,
kena kala ing tembunge cangkemmu
dhewe,
3 nuli, he anakku, tumindaka mangkene, lan
ngluwarana awakmu,
marga kowe wus tumiba ing regemane
pepadhamu,
lungaa, jengkenga, lan njaluka kawelasan
kalawan banget marang pepadhamu iku,
4 aja ngolehake mripatmu ngliyep,
lan tlapukanmu aja oleh ngantuk,
5 awakmu luwarana kaya menjangan saka
ing tangane wong mbebedhag,
kaya manuk saka ing tangane kang mikat.

6 He wong kesed, maranana semut,
lakune titenana lan dadia pinter.
7 Sanadyan semut iku ora ana kang mimpin,
ora ana kang ngatur lan ora ana kang manggedheni,
8 iya padha keklumpuk rejeki ing mangsa panas,
lan tandho pangan ing mangsa panen.
9 He wong kesed, nganti pira lawase anggonmu klemahan,
besuk apa anggonmu tangi turu?
10 "Turu sadhela engkas, ngantuk sadhela engkas,
nekuk tangan arep nglegeyeh sadhela engkas."
11 Kowe nuli bakal katekan kamiskinan kaya wong kang nempuh,
lan kacingkrangan kayadene wong kang sikep gegaman.
12 Tanpa guna lan nistha
wong kang urip kalawan cangkem kang cidra,
13 kang mripate kedhep-kedhep,
kang muter-muter sikile lan nyasmitani srana drijine,
14 kang atine ngangen-angen kaculikan, kang tansah ngrantam-rantam piala,
lan kang njalari tukar padu;
15 mulane banjur dadakan katempuh ing bilai,
sadhela bae rusak lan ora bisa dipulihake maneh.

16 Nem prakara iki kang disengiti dening
Pangeran Yehuwah,
malah pitung prakara kang dadi jejember
tumrap galihe;
17 iya iku mripat gumunggung, ilat cidra,
tangan kang ngwutahake getihe wong
kang ora salah;
18 ati kang ngrantam-rantam piala,
sikil kang enggal-enggal marani piala,
19 seksi palsu, kang ngucapake ujar
pagorohan,
sarta kang njalari ecrahe sadulur.

Pitutur bab laku bandrek

6:20--7:27

20 He anakku, pepakone bapakmu estokna,
lan aja ninggal piwulange ibumu.
21 Iku kabeh tansah kumanthila ana ing
atimu,
lan kalungna ing gulumu.
22 Samangsa kowe lumaku, kowe bakal
dipimpin,
lan samangsa kowe turu, ditunggu,
yen kowe tangi, bakal diajak guneman.
23 Dene pepakon iku minangka damar, lan
piwulang iku minangka pepadhang,
sarta pameleh kang isi pamerdi iku
dalaning urip,
24 bakal ngayomi kowe saka wong wadon
tuna-susila,
lan ilate wong wadon liya kang lunyu.

25 Aja kayungyun marang ayune ing sajroning atimu,
aja nganti ketarik dening idepe.
26 Marga kanggone wong wadon tuna-susila,
kang diprelokake iku anggone bisa oleh rejeki,
nanging bojoning liyan mburu nyawa kang adi.
27 Apa bisa wong nggembol geni ana ing klambine
lan ora kobong sandhangane?
28 Utawa apa iya wong mlaku ing sandhuwure mawa,
kok ora gosong sikile?
29 Mangkono uga wong kang nyedhaki somahe pepadhane;
ora ana wong siji-sijia kang nggepok wong wadon iku,
kok luput ing paukuman.
30 Maling apa ora bakal diremehake, yen anggone maling iku
mung marga arep nuruti pepenginane, marga saka keluwen?
31 Sarta manawa kecekel, kudu ngilroni tikel pitu,
apa saisining omahe ditombokake.
32 Sing sapa laku jina iku tanpa budi,
kang nindakake mangkono iku ngrusak awake dhewe.
33 Siksa lan wirang dadi pituwase,
kawirangane ora bisa ilang.
34 Marga butarepan iku panasing atine wong lanang,

samangsa males tanpa duwe rasa welas.
35 Wong iku ora gelem nampani tebusan apa bae,
sanadyan pira bae pawewehmu, tetep ora bakal ditampani.

7

1 He anakku, estokna pituturku,
sarta pepakonku simpenen ing atimu.
2 Pepakonku gugunen, temah kowe bakal urip,
lan wulangku emi-eminen kaya maniking mripatmu.
3 Talenana kabeh iku ing drijimu,
sarta tulisana ana ing papaning atimu.
4 Kawicaksanan iku celathonana: "Kowe iku sadulurku,"
lan pangreten iku anggepen sanakmu,
5 supaya kowe diayomana saka wong wadon tuna-susila,
sarta wong wadon liya, kang alus pambujuke.
6 Awit nalika aku pinuju ngungak
saka ing cendhelaning omahku, nginjen saka ing rujining omahku,
7 aku weruh ing antarane wong kang ora duwe pangalaman,
aku sumurup ing antarane para nomnoman ana sawijining jaka kang tanpa budi,
8 mbeneri nyabrang ana ing sacedhake pojok lurung,
jumangkah marani omahe wong wadon kang kaya mangkono mau,
9 wayahe repet-repet sore,
ngarepake bengi kang peteng.

10 Lah tumuli ana wong wadon methukake,
kang nganggo sandhangan wong wadon tuna-susila,
kang julig atine;
11 grapyak sarta criwis wong wadon iku,
sikile ora bisa jenjem ana ing omah:
12 sadhela ana ing lurung, sadhela engkas ana ing alun-alun,
ngadhang ana ing saben enggok-enggokan.
13 Wong nom mau banjur dicekel lan diambung,
kanthi polatan tanpa rikuh-pakewuh, celathu mangkene:
14 "Kula saweg saos kurban kawilujengan,
ing dinten punika kula mentas ngluwari punagi,
15 mila kula medal methuk panjenengan,
pancen badhe madosi panjenengan, lan sapunika kula saged pinanggih panjenengan.
16 Patileman kula sampun kula gelari babut,
kain lena manca-warni damelan Mesir.
17 Patileman kula sampun kula sebari:
mur, gaharu kaliyan manis jangan.
18 Mangga sami ngumbar katresnan ngantos enjing,
sami kasukan mangun sih.
19 Awit semah kula boten wonten ing griya,
ngleresi kekesahan tebih,
20 mbekta arta sakanthong,
wangsulipun saweg mbenjing ngajengaken wulan purnama."

21 Wong nom mau dibujuk srana tembunge manis,
digodha klawan pangungruming lambene.
22 Dumadakan wong nom mau banjur ngetutake wong wadon iku
kaya sapi dituntun menyang pajagalan,
sarta kaya wong bodho kang dibanda arep kaukum;
23 nganti ana panah kang nunjem ing atine,
iya kaya manuk kang marani kala kalawan rerikatan,
ora ngreti yen uripe kaancam ing bebaya.
24 Mulane, he bocah-bocah, padha ngrungokna pituturku,
tilingna tembung-tembunging cangkemku.
25 Atimu aja nganti kagendeng marang dalane wong wadon iku,
aja nasarake awakmu dhewe ana ing dalan-dalane.
26 Marga wus akeh wong kang tiwas dening wong wadon iku,
sarta akeh banget cacahe wong kang dipateni.
27 Omahe iku dalan kang anjog ing jagading wong mati,
kang mudhun menyang ing senthong-senthonging pati.

Pamejange kawicaksanan

8:1-36

8 1 Kawicaksanan rak nguwuh-uwuh,
lan kapinteran rak ngetokake swarane?
2 Ing panggonan kang dhuwur ing pinggir dalan,
ana ing simpangane lurung-lurung, ana ing kono enggone jumeneng,
3 ana ing sandhinge gapura sangarepe kutha,
ana ing dalan lumebu anggone nguwuh-uwuh kalawan sora, pangandikane:
4 "He para wong lanang, sira kang Sunpituturi,
marang para anaking manungsa, swaraningSun Suntujokake.
5 He wong ora duwe pangalaman, padha ngupayaa kapinteran,
he para wong ndableg, padha mangretenana iku ing sajroning atimu.
6 Padha ngrungokna, awit Ingsun bakal ngandikakake prakara kang jero,
lan arep mbikak lathiningSun lan nglairake prakara kang bener.
7 Awit lidhahingSun nggelarake kabeneran,
lan duraka iku kanisthan tumrap lathiningSun.
8 Apa kang metu saka ing lesaningSun iku adil,
ora pisan-pisan ana kang mlinthat-mlinthut utawa cidra.

9 Kabeh iku cetha tumrape wong kang pinter,
sarta bener ingatase kang duwe kawruh.
10 PamerdiningSun iku tampanana ngluwihi salaka,
lan kawasisan ngluwihi mas murni.
11 Awitdene kawicaksanan iku ajine ngungkuli raja-peni,
sarta apa bae kang dikepengini wong, ora ana kang madhani.
12 Mungguh Ingsun, Sang Wicaksana, nunggal bebarengan karo kapinteran,
lan Ingsun nemokake kawruh lan kawicaksanan.
13 Wedi-asih marang Sang Yehuwah iku sengit marang piala,
Ingsun sengit marang piangkuh, ambek kumlungkung, sarta polah-tingkah kang ala,
apadene cangkem kang kebak cidra.
14 Pitutur sarta panglimbang iku kagunganingSun,
Ingsun kang kagungan pangreten, lan Ingsun kang kagungan kakiyatan.
15 Para raja anggone mrentah marga saka Ingsun,
mangkono uga para panggedhe anggone nindakake pangadilan.
16 Para panggedhe anggone kadunungan pangwasa iku marga saka Ingsun,
mangkono uga para luhur lan sakehe hakim ing sajagad.
17 Ingsun ngasihi marang wong kang tresna marang Ingsun

lan wong kang tlaten anggone ngupaya
Ingsun, mesthi bakal ketemu.
18 Kasugihan lan kaluhuran iku ana ing
pamengkuningSun,
uga bandha kang tetep lan kaadilan.
19 WohingSun iku ngungkuli emas, malah
ngluwihi mas tulen,
pametuningSun iku ngluwihi salaka
pilihan.
20 Ingsun tindak ana ing dalaning kabeneran,
ing tengah-tengahe lurung kaadilan,
21 supaya wong kang tresna marang Ingsun
padha Sunparingi warisan bandha,
sarta papan pasimpenane bakal Sunkebaki.
22 Ingsun wus katitahake dening Pangeran
Yehuwah dadi wiwitaning pakaryane,
minangka pandamele kang kawitan ing
jaman kuna.
23 Ingsun wus kaanakake nalika jaman
purwa,
iya ing wiwitan mula, sadurunge bumi ana.
24 WiyosingSun sadurunge banyu samodra
agung ana,
sadurunge ana sumber-sumber kang luber
banyune.
25 Sadurunge gunung-gunung tumanceb
lan sadurunge ana punthuk-punthuk
Ingsun wus miyos.
26 Iya sadurunge panjenengane nitahake
dharatan lan ara-ara,
malah durung ana bledug kang kawitan.
27 Nalika Panjenengane ngrancang anane
langit, Ingsun ana ing kono,

iya ing kalane nyipat sikiling langit ana ing
lumahe samodra agung,
28 iya ing kalane netepake mega-mega ing
dhuwur,
lan kalane sumbering samodra agung
wiwit padha mbludag klawan santer,
29 nalika Panjenengane nemtokake watesing
segara,
supaya banyu aja nganti nerak dhawuhe,
lan ing kalane masang dhasaring bumi.
30 Ingsun dadi putra kekasihe kang
nyarengi Panjenengane,
sadina-dina Ingsun damel renaning
panggalihe,
tansah dolanan ana ing ngarsane.
31 Ingsun dolanan ana ing bumi kagungane,
sarta para anaking manungsa padha dadi
kalangenaningSun.
32 Mulane, he bocah-bocah, padha rungokna
dhawuhingSun,
awit rahayu wong kang padha rumeksa
marang dalan-dalaningSun.
33 Nilingna pamerdi, temah sira dadi
wicaksana,
aja sira lirwakake.
34 Rahayu wong kang ngrungokake
sadhawuhingSun,
kang sadina-dina caos ana ing
lawangingSun,
lan jaga ana ing pipining gapuraningSun.
35 Amarga sapa kang nemu Ingsun, iku nemu
urip,
sarta pesthi oleh sihe Pangeran Yehuwah.

36 Balik sing sapa ora nemu Ingsun, iku
mitunani awake dhewe,
sakehe wong kang sengit marang Ingsun,
iku nresnani pati.

Ulemane kawicaksanan lan ulemane kabodhoan

9:1-18

9 1 Kawicaksanan wus yasa daleme,
lan wus ngedegake sakane pitu,
2 wus mragat kewane sembelehan, wus
nyampur anggure,
lan wus nyawisake pasugatane.
3 Para abdine wadon wus padha didhawuhi
nguwuh-uwuh
ana ing papan kang dhuwur ing kutha,
panguwuhe:
4 "Sapa kang ora duwe pangalaman, padha
mrenea,"
lan para wong kang cupet ing budi,
didhawuhi mangkene:
5 "Mara padha mangana roti peparingSun,
lan ngombea anggur kang wus Suncampur;
6 ninggala kabodhoan, supaya padha urip,
lan nuruta dalane pangreten."
7 Sing sapa mulang wong kang ambek
memoyok, iku nekakake pamoyok
marang awake dhewe,
lan sing sapa melehake wong duraka, oleh
panacad.
8 Aja melehake wong ambek memoyok,
supaya kowe ora disengiti,

wong wicaksana iku welehna, kowe bakal
ditresnani.
9 Wong wicaksana pituturana, temah
kawicaksanane mundhak,
wong mursid wulangen, temah bakal
mundhak kawruhe.
10 Wedi-asih marang Pangeran Yehuwah iku
wiwitaning kawicaksanan,
lan wanuh marang Kang Mahasuci iku
pangreten.
11 Marga saka Ingsun umurira kawuwuhan,
lan taun-tauning uripira katambahan.
12 Manawa sira wicaksana, kawicaksananira
iku kanggo sira dhewe,
sarta manawa sira ambek memoyok, iku
sira dhewe kang bakal nanggung.
13 Wong wadon bodho iku criwis,
banget anggone ora duwe pangalaman lan
ora duwe isin.
14 Lungguh ana ing ngarepe lawange omahe,
ana ing kursi ing papan-papan kang
dhuwur ing kutha,
15 lan wong kang padha lumaku liwat ing
dalan,
kang jujur lakune padha diundang,
celathune:
16 "Sapa kang ora duwe pangalaman, iku
padha mrenea,"
lan wong kang cupet budine iku dituturi:
17 "Banyu colongan iku legi,
lan roti kang dipangan kalawan
ndhelik-ndhelik iku enak."

18 Mangka wong kang cupet ing budi mau
ora sumurup yen ing kono dununge
arwah-arwah
lan wong-wong kang diampirake wong
wadon mau ana ing jagade wong mati.

Wulang bebasan anggitane Sang Prabu Suleman

10:1--22:16

10 1 Wulang bebasan anggitane Prabu
Suleman,
Anak kang wicaksana ndadekake bungahe
bapakne,
nanging anak kang goblog iku gawe
prihatine biyunge.
2 Raja-brana, oleh-olehane tindak duraka iku
ora maedahi,
nanging kabeneran iku nguwalake wong
saka ing pati.
3 Sang Yehuwah ora negakake wong bener
nandhang keluwen,
nanging pepenginane wong duraka
ditampik.
4 Tangan kang kendho marakake mlarat,
nanging tangane wong sregep iku
ndadekake sugih.
5 Sing sapa tetandho ing mangsa panas, iku
pinter,
nanging kang turu bae ing mangsa panen,
iku gawe isin.
6 Berkah iku manggon ana ing sirahe wong
bener,

nanging cangkeme wong duraka iku
ndhelikake panganiaya.
7 Pangeling-eling marang wong bener iku
ngolehake berkah,
nanging jenenge wong duraka dadi bosok.
8 Sing sapa wicaksana ing ati, iku nggatekake
marang pepakon,
nanging kang bodho ing pamicara, iku
bakal tiba.
9 Sing sapa resik kalakuane iku tentrem
lakune,
nanging kang tumindak mlinthat-mlinthut,
bakal konangan.
10 Sing sapa kedhep-kedhep mripate, iku
nukulake kasusahan,
nanging kang bodho ing pamicara, iku
bakal tiba.
11 Cangkeme wong bener iku sumbering urip,
nanging cangkeme wong duraka, iku
ndhelikake panganiaya.
12 Sengit marakake grejegan,
katresnan nasabi sakehe panerak.
13 Lambene wong wasis iku ana
kawicaksanane,
nanging gegere wong tanpa budi iku
kacawisan penthung.
14 Wong wicaksana iku tetandho kawruh,
nanging cangkeme wong bodho iku
karusakan kang ngancam.
15 Raja-darbene wong sugih iku minangka
kuthane kang santosa,
nanging kang njalari karusakane wong
miskin iku kamlaratan.

16 Pituwas panggawene wong bener iku nuntun marang urip,
oleh-olehane wong duraka iku nuntun marang dosa.
17 Sapa kang nampani pamerdi iku ngener marang ing dalaning urip,
nanging kang nglirwakake marang pameleh iku kesasar.
18 Sing sapa ndhelikake sengite iku cidra lambene,
sarta kang ngucapake pangala-ala iku wong gemblung.
19 Kang akeh guneme iku mesthi ana panerake,
nanging kang mekak lambene iku kadunungan akal-budi.
20 Ilate wong bener iku kaya salaka pilihan,
nanging pikirane wong duraka iku sathithik ajine.
21 Lambene wong bener iku dadi pangone wong akeh,
nanging wong bodho mati, marga kacupetan budi.
22 Berkahe Pangeran Yehuwah iku kang nyugihake,
ora bakal diwuwuhi dening rekasane dhewe.
23 Kang dadi kabungahane wong gemblung iku manawa nglakoni pratingkah nistha,
nanging wong pinter iku senenge manawa oleh kawicaksanan.
24 Wong duraka kataman apa kang disumelangake,

nanging wong bener bakal kaparingan apa kang dikarepake.

25 Manawa katempuh ing lesus, wong duraka sirna,
nanging wong bener iku tetales kang langgeng.

26 Kayadene cokak tumrap ing untu lan kukus tumrap ing mripat,
iya mangkono iku wong kesed tumrap kang ngongkon.

27 Wedi-asih marang Sang Yehuwah iku ndawakake umur,
nanging taun-taune wong duraka iku dicendhakake.

28 Pangarep-arepe wong bener iku dadi kabungahan,
nanging pangarep-arepe wong duraka dadi tanpa guna.

29 Margine Pangeran Yehuwah iku pangayoman tumrape wong kang jujur,
nanging ing ngatase wong kang nglakoni piala dadi karusakan.

30 Wong bener ora bakal kaontang-antingake ing salawase,
nanging wong duraka ora bakal manggon ing nagara.

31 Cangkeme wong mursid metokake kawicaksanan,
nanging ilat rangkep iku dikethok.

32 Lambene wong bener sumurup samubarang kang ngresepake,
nanging cangkeme wong duraka mung nglairake kaculikan.

11 [1] Traju kang cidra iku kasengitan dening Sang Yehuwah,
nanging watu timbangan kang trep ndadekake keparenge.
[2] Samangsa piangkuh teka, pamoyok uga nututi,
nanging kawicaksanan dumunung ana ing wong kang lembah manah.
[3] Wong kang jujur iku katuntun dening katemenane,
nanging wong cidra iku dirusak dening culikane.
[4] Samangsa bebendu teka, kasugihan ora migunani,
nanging kabeneran ngluwari saka ing pati.
[5] Dalane wong mursid dirata dening kabenerane,
nanging wong duraka tiba marga saka durakane.
[6] Wong kang jujur kapitulungan dening kabenerane,
nanging wong cidra iku kejiret dening hawa-nepsune.
[7] Pangarep-arepe wong duraka gagal nalika dina patine,
nanging pangajape wong ala bakal tanpa guna.
[8] Wong bener kaentasake saka ing karubedan,
wong duraka kang banjur nggenteni.
[9] Wong duraka ngrusak pepadhane srana cangkeme,

nanging wong bener kapitulungan dening kawruhe.
10 Kabegjane wong mursid, ndadekake kabungahane wong sakutha,
lan samangsa wong duraka tumpes, wong padha rame surak-surak.
11 Berkahe wong jujur ndadekake mekaring kutha,
nanging cangkeme wong duraka njalari gempure.
12 Sing sapa ngremehake pepadhane iku tanpa budi,
nanging wong kang pinter iku meneng bae.
13 Sing sapa nenacad, iku ngeler wewadi,
nanging wong setya nutupi prakara.
14 Yen tanpa pemimpin, bangsa ambruk,
nanging manawa juru pirembug akeh banjur ana katentreman.
15 Sing sapa nanggung wong liya kang durung diwanuhi, iku bakal sangsara banget,
nanging wong kang sengit marang tanggung jawab, iku slamet.
16 Wong wadon kang becik atine bakal kajen,
dene wong kang nindhes iku oleh kasugihan.
17 Wong kang ambek darma mbeciki awake dhewe,
nanging kang ambek siya iku niksa awake dhewe.
18 Wong duraka oleh bebathen kang muspra,

nanging sing sapa nyebar kabeneran oleh
ganjaran kang tetep.
19 Sing sapa nggondheli kabeneran kang
sejati iku ngener marang urip,
nanging sapa kang mburu piala iku marani
pati.
20 Wong kang atine culika, iku nistha ana ing
ngarsane Pangeran Yehuwah,
nanging para wong kang tanpa cacad,
ndadekake keparenge.
21 Sanyata, wong ala mesthi tampa ukuman,
nanging turune wong bener bakal
kapitulungan.
22 Kayadene anting-anting emas ana ing
congoring babi,
iya kaya mangkono iku wong wadon ayu
kang ora susila.
23 Pangarep-arepe wong bener nekakake
kabegjan,
nanging pangarep-arepe wong duraka
nekakake bebendu.
24 Ana kang ngawut-awut bandhane, nanging
saya sugih,
lan ana kang kumet banget, ewasamono
tansah kekurangan.
25 Sing sapa kerep andum berkah, bakal
nampani kaluberan,
sing sapa aweh ngombe, bakal diwenehi
ngombe.
26 Sing sapa ndhelikake gandum, mesthi
diunek-unekake ing wong
nanging wong kang nempurake gandum,
sirahe bakal katekan berkah.

27 Sing sapa ngupaya kabecikan, iku ngudi
supaya disenengi ing wong,
nanging kang ngarah marang piala, bakal
ketaman ing piala.
28 Sing sapa ngandelake marang kasugihane
bakal ambruk,
nanging wong bener bakal semi kaya
godhong enom.
29 Sing sapa ngisruhake brayate, bakal oleh
angin,
wong bodho bakal dadi bature wong
wicaksana.
30 Pituwase wong bener iku wit panguripan,
sarta sapa kang wicaksana iku bisa narik
atine wong.
31 Manawa wong bener oleh piwales ana ing
donya,
mendahane maneh wong duraka lan wong
dosa!

12 1 Sing sapa dhemen diperdi iku seneng
marang kawruh,
nanging sing sapa nampik pameleh iku
bodho.
2 Wong becik ndadekake keparenge Pangeran
Yehuwah,
nanging tukang ngapusi iku mesthi
diukum.
3 Manungsa ora bisa dadi santosa srana
durakane,
nanging oyode wong bener ora owah
gingsir.
4 Wong wadon kang pinter iku minangka
makuthane kang lanang,

nanging kang gawe wirang iku prasasat
lelara kang ngroposake balunge.
5 Rancangane wong bener iku adil,
nanging pangrantame wong duraka iku
cidra.
6 Tembunge wong duraka iku ngajap getih,
nanging tembunge wong temen iku
mitulungi.
7 Para wong duraka padha ditibakake nganti
sirna,
nanging omahe wong bener iku lestari
ngadeg.
8 Saben wong iku enggone kaalembana
manut bebudene,
nanging wong cidra iku karemehake.
9 Luwih becik dadi wong cilik, nanging
nyambut gawe kanggo awake dhewe,
katimbang karo wong kang kumaluhur-
luhur, nanging kekurangan pangan.
10 Wong bener mikir marang kabutuhane
kewane,
nanging piwelase wong duraka iku daksiya.
11 Wong kang nggarap lemahe bakal wareg
rejeki,
nanging kang mburu barang muspra iku
tanpa budi.
12 Wong duraka kepengin nduweni jalane
wong ala,
nanging oyode wong mursid nekakake
pangasilan.
13 Wong ala kejiret dening paneraking
lambene,

nanging wong bener bisa oncat saka ing
karubedan.
14 Saben wong kawaregan kabecikan marga
saka wohing tembunge,
lan wong tampa wewales saka panggawene
tangane.
15 Wong bodho ngarani lakune dhewe wus
becik,
nanging sapa kang nampani pituduh iku
wicaksana.
16 Wong kang mratelakake laraning atine
sanalika iku uga, iku bodho,
nanging wong kang ora mreduli marang
pamoyok iku wicaksana.
17 Wong kang nglairake kabeneran iku
mratelakake apa kang adil,
nanging seksi goroh nglairake kaculikan.
18 Ana wong kang dlodok-dlodok iku
pangucape wus prasasat panyuduking
pedhang,
nanging ilate wong wicaksana nekakake
kawarasan.
19 Lambe kang nglairake katemenan iku tetep
ing salawase,
nanging ilat cidra mung kanggo sakedhap
netra.
20 Wong kang ngrancang piala iku atine
ngandhut kaculikan,
nanging wong kang mituturi bab
karaharjan iku nemu kabungahan.
21 Wong bener ora bakal ketaman bilai apa
bae,
nanging wong duraka iku tansah sangsara.

22 Lambe kang cidra iku kanisthan tumrape
Sang Yehuwah,
nanging wong kang setya-tuhu iku
ndadekake keparenge.
23 Wong kang wicaksana iku ndhelikake
kawruhe,
nanging atine wong bodho mamerake
kabodhoane.
24 Tangane wong sregep iku nyekel
pangwasa,
nanging kang kesed kena ing pagawean
peksan.
25 Sumelanging ati ndadekake wungkuking
wong,
nanging pitembungan kang becik iku
ndadekake senenge atine.
26 Wong bener iku nemu papan panggonane,
nanging dalane wong duraka nasarake
awake dhewe.
27 Wong kesed ora bakal nyekel kang kaburu,
nanging wong sregep bakal oleh barang
kang pangaji.
28 Urip iku tinemu ana ing dalaning
kabeneran,
nanging dalane pamurtad anjog marang
ing pati.

13 1 Anak kang wicaksana ngrungokake
marang pamerdine bapakne
nanging wong ambek memoyok ora
ngrewes marang pameleh.
2 Wong iku mesthi mangan kang becik saka
tembunge,

nanging karepe wong cidra iku awujud
tindak panganiaya.
3 Wong kang njaga cangkeme, iku ngreksa
nyawane,
sapa kang crawak, iku bakal katempuh ing
karusakan.
4 Atine wong kesed iku kebak pepenginan,
nanging tanpa guna,
balik atine wong sregep iku kaparingan
kaluberan.
5 Wong kang bener iku sengit marang goroh,
nanging wong duraka iku gawe wirang lan
gawe alane awake dhewe.
6 Wong kang lakune saleh iku kareksa dening
kabenerane,
nanging kang gawe dosa digawe sangsara
dening durakane.
7 Ana wong kang sumugih-sugih, nanging ora
duwe apa-apa,
ana uga kang ethok-ethok miskin, mangka
bandhane akeh.
8 Kasugihan iku kanggo nebus nyawane
wong,
nanging wong miskin ora bakal krungu
pangancam.
9 Pepadhange wong bener iku sumorot
gumebyar,
nanging damare wong duraka bakal mati.
10 Ambek kumingsun iku mung marakake
grejegan,
nanging wong kang ngrungokake pitutur
kadunungan kawicaksanan.

11 Bandha kang gampang olehe, mesthi bakal suda,
nanging wong kang tlaten nglumpukake saka sathithik, bakal dadi sugih.
12 Pangarep-arep kang kasumenekake, gawe sedhihing ati,
nanging pepenginan kang katutugan iku wit panguripan.
13 Sing sapa ngremehake pangandika, iku bakal nanggung akibate,
nanging sapa kang manut marang prentah, iku bakal tampa piwales.
14 Piwulange wong wicaksana iku sumbering urip,
ndadekake wong ora kena ing kalaning pati.
15 Budi kang utama ngolehake sih,
nanging dalane wong cidra iku ndadekake cilakaning wong iku.
16 Wong kang prayitna tumindak kanthi kawasisan,
nanging wong bodho ngetokake bodhone.
17 Utusan kang duraka iku njalari cilaka,
nanging duta kang setya nekakake kuwarasan.
18 Kamlaratan lan pamoyok iku bakal nempuh marang wong kang nglirwakake marang pamerdi,
nanging sing sapa nampani pameleh iku kajen.
19 Pepenginan kang katutugan iku nyenengake ati,

nanging wong gemblung ora gelem ninggal
piala.
20 Sapa kang srawungan karo wong
wicaksana, dadi wicaksana,
nanging sapa kang kekancan karo wong
gemblung iku nemu sangsara.
21 Wong dosa diburu ing bilai,
nanging wong bener iku diwales kabegjan
dening Panjenengane.
22 Wong becik ninggali warisan marang
anak-putune,
nanging barang darbeke wong dosa iku
dicadhangake kanggo wong bener.
23 Tegale wong miskin metokake pangan
akeh,
nanging ana kang ilang marga ora ana
kaadilan.
24 Sapa kang ora migunakake gitik, iku sengit
marang anake,
mangka kang asih marang anake iku aweh
pamerdi ing kalamangsane.
25 Wong bener mangan nganti wareg,
nanging wetenge wong duraka ngrasakake
kekurangan.

14 1 Wong wadon kang wicaksana iku
mbangun omahe,
nanging kang bodho ngrubuhake omahe
klawan tangane dhewe.
2 Sing sapa lumaku klawan jujur iku wedi-asih
marang Pangeran Yehuwah,
nanging kang lakune kesasar iku
ngremehake Panjenengane.

3 Ing sajroning cangkeme wong bodho ana
penjalin kanggo ing gegere,
nanging wong wicaksana iku kareksa
dening lambene.
4 Manawa ora ana sapi, uga ora ana gandum,
nanging kalawan karosane sapi pametune
akeh.
5 Seksi kang setya iku ora goroh,
nanging kang ngucapake cidra iku seksi
goroh.
6 Wong ambek memoyok golek kawicaksanan
ora oleh,
nanging wong kang limpad ing budi,
gampang oleh kawruh.
7 Ngedohana wong gemblung,
marga lambene ora bakal nglairake
kawasisan.
8 Kang dadi kawicaksanane wong pinter iku
anggone ngreti marang dalane dhewe,
nanging wong bodho iku diapusi dening
bodhone.
9 Wong bodho moyoki marang kurban
panebuse,
nanging wong jujur padha wales-winales
ing kabecikan.
10 Ati iku ngrasakake kasusahane dhewe,
dene wong liya ora bisa melu ngrasakake
kabungahane.
11 Omahe wong duraka bakal sirna,
nanging tarube wong jujur bakal mekar.
12 Ana dalan kang dikira lenceng dening
wong,
mangka wekasane anjog marang ing pati.

13 Ing sajroning gumuyu ati uga bisa
ngrasakake sedhih,
sarta wekasane kabungahan iku bisa
kaprihatinan.
14 Wong kang atine murtad, kawaregan
dening lakune dhewe,
dene wong becik dening sabarang kang
diduweni.
15 Wong kang ora duwe pangalaman ngandel
sabarang ujar,
nanging wong kang wicaksana iku
nggatekake lakune.
16 Wong wicaksana iku ngati-ati lan nyingkiri
piala,
nanging wong gemblung nguja karepe
sarta rumangsa tentrem.
17 Sing sapa gampang nepsu, iku tumindak
tanpa budi,
nanging wong wicaksana iku sabar.
18 Wong kang tanpa pangalaman pituwase
kabodhoan,
nanging wong wicaksana iku kamakuthan
kawruh.
19 Wong ala padha tumungkul ana ing
ngarepe wong becik,
lan wong duraka ana ing ngarepe regole
wong bener.
20 Wong miskin iku kasengitan uga dening
kancane,
nanging wong sugih akeh mitrane.
21 Sing sapa ngremehake pepadhane iku
gawe dosa,

nanging rahayu wong kang melasi marang
wong kang kasangsaran.
22 Apa wong kang ngrantam-rantam piala iku
dudu wong nasar?
Nanging kang ngrancang kabecikan iku
nampani sih lan kasetyan.
23 Angger kangelan mesthi ana pituwase,
nanging tembung kang kothong iku mung
nuntun marang kacingkrangan thok.
24 Kang dadi makuthane wong wicaksana iku
kapinteran,
nanging wong gemblung iku mamerake
bodhone.
25 Seksi kang setya mitulungi uripe,
nanging kang ngucapake goroh iku wong
cidra.
26 Ing sajroning wedi-asih marang Sang
Yehuwah iku tinemu katentreman kang
gedhe,
malah Pangeran Yehuwah iya dadi
pangayoman tumrap para putrane.
27 Wedi-asih marang Sang Yehuwah iku
sumbering urip,
temah wong ora kena ing jireting pati.
28 Kamulyane ratu iku marga saka kehing
rakyate,
nanging tanpa rakyat paprentahan rusak.
29 Wong kang sabar iku gedhe pangretene,
nanging wong kang gampang nepsu iku
nggedhekake kabodhoan.
30 Ati kang sareh iku nyegerake awak,
nanging watak drengki iku ngroposake
balung.

31 Sing sapa nindhes wong apes, iku
ngremehake marang Kang Nitahake,
nanging sapa kang welas marang wong
miskin, iku ngurmati Panjenengane.
32 Wong duraka bakal dirubuhake marga
saka pialane,
dene wong bener oleh pangungsen marga
saka tulusing atine.
33 Kawicaksanan manggon ing atine wong
kang mawa budi,
nanging iku ora tinemu ana ing atine wong
gemblung.
34 Kabeneran iku ngunggahake drajating
bangsa,
nanging dosa iku dadi cacading bangsa.
35 Abdi kang mawa budi ndadekake
keparenge Sang Prabu,
nanging kang mirangake iku bakal
nampani dedukane.

15 1 Wangsulan kang sareh nglejarake
nepsu,
nanging tembung sengak nuwuhake
kanepson.
2 Ilate wong wicaksana nglairake kawasisan,
nanging cangkeme wong gemblung
ngluberake kabodhoan.
3 Tingale Pangeran Yehuwah iku nyrambahi
ing saenggon-enggon,
nguningani wong ala lan wong becik.
4 Ilat kang sareh iku wit panguripan,
nanging ilat cidra gawe tatuning ati.
5 Wong bodho nampik pamerdine bapakne,

nanging kang gelem nampani pameleh iku
wicaksana.
6 Ing omahe wong bener ana raja-brana
akeh,
nanging pituwase wong duraka iku
nekakake karusakan.
7 Lambene wong wicaksana nyebar kawruh,
nanging atine wong gemblung iku ora
jujur.
8 Kurban sesaosane wong duraka iku jember
ana ing ngarsane Sang Yehuwah,
nanging pandongane wong temen
ndadekakake keparenge.
9 Dalane wong duraka iku jember ana ing
ngarsane Sang Yehuwah,
nanging wong kang ngupaya kabeneran
iku dikasihi.
10 Wong kang nyleweng saka dalan kang
bener oleh pamerdi kang keras,
dene sing sengit marang pameleh bakal
mati.
11 Jagading wong mati lan karusakan iku ora
kaling-kalingan ana ing tingale Sang
Yehuwah,
mendahane maneh atine para anake
manungsa.
12 Wong ambek memoyok emoh diwelehake,
iya ora gelem marani wong wicaksana.
13 Ati seneng mbingarake polatan,
nanging ati kang sedhih ngendhokake
semangat.
14 Atine wong piter ngupaya kawruh,

nanging cangkeme wong gemblung ribut
karo kabodhoane.

15 Wong kang nandhang kasusahan iku
dinane ala kabeh,
nanging atine wong seneng iku prasasat
pista ajegan.

16 Luwih becik barang sathithik kang
dikantheni wedi-asih marang Pangeran
Yehuwah,
tinimbang karo kasugihan akeh kang
dikantheni sumelang.

17 Luwih becik jangan sapiring kanthi
katresnan,
tinimbang karo sapi lemu kang klawan
sesengitan.

18 Wong brangasan marakake grejegan,
nanging wong sabar ngendhakake para
padu.

19 Dalane wong kesed iku kayadene pager
eri,
nanging dalane wong jujur iku rata.

20 Anak kang wicaksana ndadekake bungahe
bapakne,
nanging wong kang gemblung ngremehake
biyunge.

21 Kabodhoan iku dadi kasenengane wong
kang tanpa budi,
nanging wong pinter mlaku ana ing dalan
kang bener.

22 Rancangan bakal ora kelakon, manawa
tanpa tetimbangan,
nanging bakal kaleksanan manawa
dikantheni juru pirembug akeh.

23 Wong bakal bungah marga wangsulan
kang kelair,
lan iba becike tembung kang patitis ing
wektu kang cocog.
24 Dalaning uripe wong mawa budi iku ngener
mandhuwur,
supaya bisa ngedohi jagading wong mati
kang ana ing ngisor.
25 Omahe wong gumunggung bakal
dijugrugake dening Pangeran Yehuwah,
nanging watese palemahane randha iku
ditetepake.
26 Rancangane wong ala iku kanisthan
tumrape Sang Yehuwah,
nanging tetembungan kang manis iku
kaanggep suci.
27 Sapa kang murka marang kauntungan
peteng iku ngisruhake brayate dhewe,
nanging kang sengit marang besel iku
bakal urip.
28 Atine wong bener nimbang-nimbang
wangsulane,
nanging cangkeme wong duraka mbludag
piala.
29 Pangeran Yehuwah iku adoh saka wong
duraka,
nanging pandongane wong bener
dipiyarsakake.
30 Sumunaring mripat mbungahake ati,
sarta pawarta kang becik nyegerake
balung.
31 Wong kang nilingake pameleh kang
marakake urip,

iku bakal manggon ana ing tengahe para
wong wicaksana.
32 Sing sapa nglirwakake pamerdi iku
mbuwang awake dhewe,
nanging kang ngrungokake pameleh iku
oleh kawasisan.
33 Wedi-asih marang Sang Yehuwah
iku pamerdi kang nuntun marang
kawicaksanan,
lan andhap-asor iku bebukaning kajen.

16 1 Manungsa bisa nimbang-nimbang ing
sajroning ati,
nanging wangsulane ilat iku asale saka
Sang Yehuwah.
2 Wong padha ngarani resik marang dalane,
manut wawasane dhewe,
nanging Pangeran Yehuwah kang ndadar
ati.
3 Sakehing panggawemu pasrahna marang
Pangeran Yehuwah,
temah sakehe rancanganmu bakal
kelakon.
4 Pangeran Yehuwah anggone nitahake
samubarang iku kanthi tujuane
dhewe-dhewe,
malah wong duraka iku kapesthekake
kanggo dinane bilai.
5 Sing sapa lumuhur-luhur iku nistha
tumraping Pangeran Yehuwah,
sanyata, wong iku ora bakal mlesed saka
ing paukuman.
6 Katresnan lan kasetyan iku njalari dosa
kaapura,

sarta wedi-asih marang Sang Yehuwah iku
margane wong ngedohi piala.
7 Manawa ana wong kang lakune ndadekake
keparenge Sang Yehuwah,
iku dalasan satrune iya dirukunake karo
wong mau.
8 Luwih becik pametu sathithik klawan
kabeneran,
tinimbang pametu akeh tanpa kaadilan.
9 Atine manungsa ngrasak-rasakake dalane,
nanging Pangeran Yehuwah kang
ngenerake lakune.
10 Putusan kang saka ing Gusti Allah, iku ana
ing lathining ratu,
manawa anggone ngadili lesane ora
tumindak kliru.
11 Timbangan lan traju kang patitis iku
kagungane Pangeran Yehuwah,
lan sakehe bandhul-timbangan ing
kanthong iku damelane.
12 Nistha ing ngatase raja yen nindakake
duraka,
dene kang nyantosakake dhampare iku
kabeneran.
13 Lambe kang nglairake kabeneran iku
ndadekake keparenge Sang Prabu,
sarta panjenengane ngasihi wong kang
tembung-tembunge jujur.
14 Dukaning ratu iku dutaning pati,
mangka wong wicaksana ngendhakake
bebendune.
15 Pasuryaning ratu kang sumunar iku njalari
urip,

lan kabecikane kaya mendhunge udan ing mangsa semi.
16 Oleh kawicaksanan iku pranyata banget ngluwihi oleh mas,
lan oleh pangreten banget ngungkuli oleh salaka.
17 Ngedohi piala iku dalane wong jujur,
sing sapa rumeksa marang tindake iku ngreksa nyawane.
18 Kumenthus iku pepucuking karusakan,
lan gumunggung iku pucuking ambruk.
19 Becik ngesorake dhiri nunggal karo para wong andhap-asor,
tinimbang karo ngedum rayahan ana ing tengahe wong gumunggung.
20 Sing sapa nggatekake pangandika bakal nemu becik,
sarta rahayu wong kang kumandel marang Sang Yehuwah.
21 Wong wicaksana iku diarani duwe pangreten,
lan tembung manis iku luwih bisa ngyakinake.
22 Kapinteran iku sumbering urip tumrap kang nduweni,
wong bodho disiksa dening bodhone.
23 Atine wong wicaksana minterake cangkeme,
lan marakake lambene luwih bisa ngyakinake.
24 Tetembungan kang sedhep iku kaya tala madu,

rasane legi tumrap ing ati lan dadi tamba
balung.
25 Ana dalan kang dikira bener dening wong,
mangka pungkasane anjog marang pati.
26 Rasa luwe iku nyambut gawe kanggo si
buruh,
amarga cangkeme kang meksa wong iku.
27 Wong kang tanpa guna ndhudhuk luwang
piala,
sarta ing lambene kaya-kaya ana geni
kang nggosongake.
28 Wong kang culika marakake grejegan,
sarta wong kang mitenah iku misahake
mitra kenthel.
29 Wong kang ambek siya nasarake
pepadhane,
lan nuntun marang dalan kang ora bener.
30 Sing sapa ngeremake mripate iku
ngrancang kadursilan,
kang ngingkemake lambene iku wus
nglakoni piala.
31 Rambut uwanen iku makutha kang endah,
kang tinemu ana ing dalaning kabeneran.
32 Wong kang sabar iku ngluwihi pahlawan,
wong kang bisa ngereh awake, iku ngluwihi
wong kang bisa ngrayud nagara.
33 Undhi kabuwang ing pangkon,
nanging sakehing putusane iku saka Sang
Yehuwah.

17 1 Pilih roti garing sairis kanthi tentrem,
tinimbang mangan daging saomah
kanthi crah.

2 Rewang kang mawa budi iku bisa ngereh marang anak kang mirangake,
malah melu oleh warisan bebarengan karo para sadulure bocah iku.
3 Kowi iku kanggo ngejer salaka lan prapen kanggo ngejer emas,
nanging Pangeran Yehuwah kang ndadar ati.
4 Wong kang nindakake piala nggatekake lambe duraka,
lan wong cidra nilingake kupinge marang ilat kang gawe cilaka.
5 Sing sapa nyampahi marang wong miskin iku ngala-ala marang Kang Nitahake,
sarta kang bungah marga ana kacilakan iku mesthi bakal nampani paukuman.
6 Makuthaning para wong tuwa iku anak-putune,
lan kang minangka kaurmatane anak-anak iku para leluhure.
7 Wong gemblung iku ora pantes nglairake tembung-tembung kang apik,
mendahane maneh wong luhur ngucapake tembung cidra.
8 Atur-atur iku tumrape kang ngaturi kaya sesotya adi,
menyanga ngendi bae parane, tansah oleh kauntungan.
9 Wong kang nasabi kaluputan iku ngupaya sih,
nanging sing sapa ngudhal-udhal prakara iku misahake pamitran.

10 Srengen sapisan tumrap wong kang mawa budi, rumasuke luwih jero
tinimbang karo wong goblog digitik rambah ping satus.
11 Wong duraka iku mung tansah golek piala,
nanging kongkonan kang tanpa welas bakal nekani wong mau.
12 Milaur kepranggul bruwang wadon kang kelangan anake,
tinimbang karo kepethuk wong gemblung klawan bodhone.
13 Sing sapa males piala marang kabecikan,
piala ora bakal sumingkir saka ing omahe.
14 Miwiti grejegan iku kaya mbedhah bendungan,
mulane mundura sadurunge wiwit grejegan.
15 Mbenerake wong duraka lan ngluputake wong bener,
iku karo-pisan nistha tumrap Pangeran Yehuwah.
16 Apa gunane wong gemblung nggegem dhuwit kanggo tuku kawicaksanan,
sabab wong iku tanpa budi?
17 Mitra iku ing samangsa-mangsa ajeg bae katresnane,
lan dadi sadulur ing sajroning kasusahan.
18 Wong kang tanpa budi yaiku wong kang nganakake pasarujukan,
kang saguh nanggung pepadhane.
19 Wong kang dhemen grejegan iya seneng marang panerak,

lan sing sapa mbecikake lawange iku
ngupaya karusakan.
20 Wong kang atine cidra ora bakal nemu
kabegjan,
kang dursila ilate bakal tumiba ing bilai.
21 Sing sapa duwe anak gemblung, iku
prihatin,
lan bapakne wong bodho sepi ing
kabungahan.
22 Ati kang bingar iku minangka obat kang
manjur,
nanging ilanging semangat iku ngroposake
balung.
23 Wong duraka nampani besel saka ing
kanthong,
kanggo ndhoyongake kaadilan.
24 Wawasane wong kang duwe pangreten iku
tumuju marang kawicaksanan,
nanging mripate wong gemblung
klambrangan tekan ing pungkasane
bumi.
25 Anak kang gemblung iku gawe laraning
atine bapakne,
lan prihatine biyunge.
26 Ndhendha wong bener iku tindak kang
luput,
lan nggitiki wong luhur iku uga ora patut.
27 Wong wasis iku bisa ngampet tembunge,
sarta wong kang duwe kapinteran iku
sareh ing budi.
28 Uga wong bodho manawa anteng iya bakal
dikira wicaksana,

lan manawa ngingkemake lambene iya
dikira duwe kapinteran.

18 1 Wong kang ndhewe, iku ngupaya
pepenginane,
saben panimbang njalari nepsune.
2 Wong gemblung iku ora seneng marang
pangreten,
mung dhemen njereng isining atine.
3 Samangsa duraka iku teka, tindak
ngremehake uga teka ngetutake,
sarta cacad iku dibarengi pamoyok.
4 Tembunging cangkeme wong iku kaya
banyu kang jero,
nanging sumber kawicaksanan, iku kaya
kali kang mili.
5 Ora becik ngeloni wong duraka,
kalawan nampik wong bener ana ing
pangadilan.
6 Lambene wong gemblung njalari pasulayan,
sarta cangkeme bengak-bengok njaluk
digitiki.
7 Wong gemblung nemahi karusakan marga
saka cangkeme,
sarta lambene dadi kala tumrap nyawane.
8 Tembunge wong mitenah iku kaya panganan
kang enak-enak,
kang lumebu ing sajroning ati.
9 Wong kang kesed sajroning nindakake
pagaweane,
iku wus dadi sadulure juru pangrusak.
10 Asmane Pangeran Yehuwah iku menara
kang santosa,

wong bener padha ngungsi mrono temah slamet.
11 Tumrape wong sugih kutha kang santosa iku raja-darbeke,
dirasa kaya balowarti kang dhuwur.
12 Lumuhur-luhur pepucuking karusakan,
nanging andhap-asor iku margane kajen.
13 Manawa wong mangsuli sadurunge ngrungokake,
iku bodho sarta cacad.
14 Kencenging ati marakake tahan nandhang sangsara,
nanging sapa kang bisa mulihake semplahing ati?
15 Atine wong pinter ngolehake kawasisan,
lan kupinge wong wicaksana ngupaya kapinteran.
16 Ganjaran ngomberake dalane wong,
lan nglantarake marang ing ngarsane para wong luhur.
17 Kang guneman dhisik ing sajrone para padu, kaya-kaya iku kang bener,
nanging bareng ana wong liya kang teka, prakarane banjur dititipriksa.
18 Tibane undhi mungkasi pepadon,
sarta ngrampungake prakara ing antarane wong-wong kang nduweni pangwasa.
19 Sadulur kang diserikake atine, luwih angel dicedhaki katimbang karo nyedhaki kutha kang santosa,
lan crah iku kayadene slaraking gapurane beteng.

20 Wetenge wong iku diwaregi klawan asile cangkeme,
lan diwaregi dening pametune lambene.
21 Pati lan urip padha kawengku ing ilat,
sapa kang seneng mratak-mratakake, iku mesthi mangan wohe.
22 Sapa kang oleh jodho iku nemu bab kang becik,
sarta oleh sihe Sang Yehuwah.
23 Wong miskin memelas celathune,
nanging wong sugih songol wangsulane.
24 Ana kanca kang marakake sangsara,
nanging uga ana mitra kang rumakete ngungkuli sadulur.

19

1 Luwih becik wong miskin kang kelakuane resik,
tinimbang karo wong cidra lambene lan gemblung.
2 Tanpa kawruh kasregepan uga ora maedahi,
sarta kang kesusu iku bakal kleru jangkahe.
3 Kabodhoane wong nasarake lakune,
nuli ngundhamana marang Pangeran Yehuwah.
4 Kasugihan ngolehake mitra akeh,
nanging wong mlarat, ditinggal mitrane.
5 Seksi goroh mesthi bakal nampani paukuman,
sarta wong kang ngucapake cidra ora bakal oncat saka ing paukuman.
6 Akeh wong kang nyanak marang wong kang luber atine,

lan saben wong kepengin dadi mitrane
wong kang dhemen weweh.
7 Wong miskin iku kasengitan dening
sadulure kabeh,
apa maneh mitrane, mesthi padha
ngedohi,
dioyak klawan diceluki,
ewasamono wus padha ora katon.
8 Sing sapa kadunungan akal-budi, iku
nresnani awake dhewe,
kang migunakake kapinteran, bakal nemu
begja.
9 Seksi goroh mesthi bakal nampani
paukuman,
sarta kang ngucapake cidra bakal sirna.
10 Wong gemblung ora patut oleh kamukten,
apamaneh abdi manawa pantesa ngereh
para panggedhe.
11 Kapinteran njalari wong sabar banget,
sarta kaalembana marga anggone ngapura
panerak.
12 Dukaning ratu iku kaya panggerone singa
anom,
nanging kabecikane iku kaya ebun kang
tumiba ing pasuketan.
13 Anak kang gemblung iku dadi cilakane
bapakne,
padune wong wadon iku kaya trocohing
payon kang tanpa kendhat.
14 Omah lan bandha iku warisan saka leluhur,
nanging rabi kang pinter iku peparinge
Sang Yehuwah.
15 Kesed iku marakake turu kepati,

nanging wong wegahan bakal nandhang keluwen.

16 Wong kang netepi pepakon, iku rumeksa marang nyawane,
nanging kang ngremehake pangandika, bakal mati.

17 Sing sapa melasi marang wong kang ringkih, iku motangake marang Pangeran Yehuwah,
Panjenengane kang bakal males panggawene iku.

18 Anakmu rangketen salawase isih ana pangarep-arep,
nanging aja nganti ndadekakake patine.

19 Wong kang enggal banget nepsune, bakal kena dhendha,
sabab saupama kowe nyoba arep nulungi, malah mundhak nepsune.

20 Nilingna pitutur lan nampanana pamerdi,
supaya kowe ing tembe bisa dadi wicaksana.

21 Atine wong ngrancang-ngrancang prakara akeh,
nanging putusane Sang Yehuwah iku kang bakal kelakon.

22 Wewatekan kang dikepengini tumraping wong iku kasetyan,
luwih becik wong miskin tinimbang karo wong kang ngapusi.

23 Wedi-asih marang Pangeran Yehuwah ngolehake urip,
wong banjur bakal nginep klawan seneng ora bakal katempuh ing bilai.

24 Wong kesed nyelupake tangane ing
pinggan,
nanging ora bakal bisa ngemplok.
25 Yen wong ambek memoyok kokgitik, wong
kang tanpa pengalaman bakal dadi
wicaksana,
yen wong mawa budi kokwelehake, bakal
ngrumangsani.
26 Anak kang nganiaya bapakne utawa
nundhung biyunge,
iku ngalakake lan mirangake awake
dhewe.
27 He anakku, aja ngrungokake pamerdi
maneh,
manawa kowe jebul iya nyimpang saka ing
pitutur kang aweh kawruh.
28 Seksi kang ora ana gunane iku ngremehake
angger-angger,
lan cangkeme wong duraka nguntal para
cidra.
29 Wong memoyok kacawisan paukuman,
lan gegere wong gemblung dicepaki gitik.

20 1 Anggur iku tukang memoyok,
minuman keras iku tukang gawe rame,
sing sapa sempoyongan marga saka iku,
dadi ora wicaksana.
2 Dukaning ratu iku kayadene panggerone
singa nom,
sing sapa nenangi dukane iku mbebayani
tumrap awake.
3 Sapa kang ngedohi tukar-padu iku patut
diurmati,

nanging saben wong bodho nguja
kanepsone.
4 Ing mangsa bedhidhing wong kesed ora
gelem mluku,
manawa ing mangsa panen tanpa gawe
anggone golek pametune lemah.
5 Rancangan kang ana ing atine manungsa
iku kaya banyu kang jero,
ewasamono wong kang pinter bisa
ngangsu.
6 Akeh wong kang ngarani awake dhewe
becik,
nanging wong kang setya iku sapa kang
nemu?
7 Wong bener kang lakune jujur,
iku turune padha rahayu.
8 Ratu kang lenggah ing kursi pangadilan,
kalawan tingale bisa mirsani sakehe piala.
9 Sapa kang bisa ngucap: "Aku wus ngresiki
atiku,
wus lebur sakehing dosaku?"
10 Bandhul timbangan rong warna, lan
takeran rong warna,
karo-karone iku nistha tumrap Pangeran
Yehuwah.
11 Sanadyan isih bocah iya bisa dititeni
kapirid saka ing panggawene,
apa resik lan apa jujur kelakuane.
12 Kuping kang krungu lan mripat kang
ndeleng,
iku karo-karone Sang Yehuwah kang
akarya.

13 Aja karem turu, supaya aja tumiba ing kamlaratan,
mripatmu elekna temah wareg enggonmu mangan.
14 “Ora becik, ora becik,” pangucape kang tuku,
nanging lagi bae lunga, nuli ngalembana awake dhewe.
15 Sanadyan emas lan mutiara akeh,
nanging kang akeh banget pangajine iku lambe kang kadunungan kawruh.
16 Jupuken sandhangane, awit wong iku nanggung wong liya,
lan iku tahanen kanggo cekelan lirune wong liya mau.
17 Roti olehe ngapusi rasane enak,
nanging cangkeme banjur kebak krikil.
18 Rancangan bisane kelakon marga saka panglimbang,
mulane anggonmu perang nganggoa siasat.
19 Sapa kang nenacad iku ngeler wadi,
mulane kowe aja srawungan karo wong kang cangkeme bocor.
20 Sing sapa ngipat-ipati bapakne utawa biyunge,
iku damare bakal mati ing wektu peteng.
21 Raja-darbe kang anggone oleh klawan enggal ing wiwitane,
wekasane ora diberkahi.
22 Aja duwe pangucap: “Aku arep males piala,”

ngarep-arepa marang Sang Yehuwah, iku
kang bakal ngluwari kowe.
23 Bandhul timbangan rong warna iku nistha
tumrap Pangeran Yehuwah,
lan traju kang cidra iku ora becik.
24 Jangkahe wong iku katemtokake dening
Sang Yehuwah,
nanging kapriye manungsa anggone ngreti
marang dalaning uripe?
25 Manawa wong tanpa pikir muni: "Suci,"
sarta lagi nimbang-nimbang sawuse
nduweni punagi,
iku jiret tumrap awake dhewe.
26 Para wong duraka dititeni dening ratu kang
wicaksana,
lan padha diplindhes bola-bali.
27 Rohe manungsa iku damar peparinge Sang
Yehuwah,
kang niti-priksa kabeh isine atine.
28 Kang ngayomi ratu iku sih lan kasetyan,
lan klawan sih anggone nyantosakake
dhampare.
29 Kang minangka rerenggane wong
nomnoman iku karosane,
lan kang dadi kaendahane wong tuwa iku
uwane.
30 Bilur-bilur kang ngemu getih iku ngresiki
piala,
lan gebugan iku ngresiki telenging ati.

21 1 Panggalihe ratu iku kaya ilen-ilen
banyu ing astane Pangeran Yehuwah,
diilekake manut ing sakarsane piyambak.

2 Saben wong ngarani dalane dhewe iku lenceng,
nanging Sang Yehuwah kang neter ati.
3 Nindakake kabeneran lan kaadilan
iku anggone gawe renaning panggalihe Sang Yehuwah ngluwihi kurban.
4 Mripat kang kumlungkung lan ati kang gumunggung,
kang dadi damare wong duraka, iku dosa.
5 Rancangane wong sregep iku nekakake kaluberan,
nanging saben wong kang gugupan iku mung bakal ngalami kacingkrangan.
6 Oleh kasugihan srana ilat cidra
iku barang kang tanpa guna, kang sirna saka wong kang ngupaya pati.
7 Wong duraka padha diseret dening panganiayane dhewe,
marga padha lumuh nindakake kaadilan.
8 Dalane juru apus iku menggak-menggok,
nanging wong jujur iku jejeg tindake.
9 Pilih manggon ana ing pojoking payon,
tinimbang karo manggon saomah karo wong wadon kang dhemen padu.
10 Atine wong duraka iku kepengin marang piala,
sarta ora nduweni kawelasan marang pepadhane.
11 Yen wong ambek memoyok diukum, wong kang ora duwe pangalaman dadi wicaksana,
lan yen wong wicaksana diwulang, bakal oleh kawruh.

12 Kang Mahaadil ngyektosi omahe wong duraka,
lan njorogake wong duraka mau marang ing bilai.
13 Sing sapa nutupi kupinge marang pasambate wong mlarat,
manawa sambat-sambat dhewe, ora bakal disembadani.
14 Paweweh klawan sidheman nglilihake nepsu,
lan atur-atur kang srana dhedhemitan nyirep nepsu kang nggegirisi.
15 Nindakake kaadilan iku dadi kesenengane wong bener,
nanging gawe wedine wong kang tumindak ala.
16 Wong kang nyimpang saka dalane akal-budi,
iku bakal leren ana ing panggonan nglumpuke para arwah.
17 Wong kang dhemen sukan-sukan bakal nandhang kacingkrangan,
sarta kang karem anggur lan lenga ora bakal bisa sugih.
18 Wong duraka iku kanggo tebusane wong bener,
kang cidra kanggo lirune kang jujur.
19 Luwih becik manggon ana ing segara wedhi,
katimbang karo manggon klawan wong wadon kang seneng padu lan seneng nepsu.

20 Omahe wong wicaksana kanggonan
raja-brana kang adil lan lenga,
nanging wong kang gemblung ngentek-
entekake iku.
21 Wong kang ngudi marang kabeneran lan
katresnan,
bakal nemu urip, kabeneran lan
kaurmatan.
22 Wong wicaksana bisa ngunggahi kuthane
para pahlawan,
sarta ngrubuhake balowarti kang dadi
andel-andele.
23 Sing sapa njaga cangkem lan ilate,
dadi ngreksa awake, uwal saka ing
kerubedan.
24 Wong kang ndhugal lan kumlungkung iku
kasebut wong ambek memoyok,
solah-tingkahe kumethak ngleluwihi.
25 Wong kesed dipateni dening pepenginane
dhewe,
marga tangane lumuh nyambut gawe.
26 Kamelikan iku sadina-dina tansah melik,
balik wong bener iku weweh tanpa wates.
27 Kurban sesaosane wong duraka iku jember,
luwih maneh manawa anggone nyaosake
kanthi sedya ala.
28 Seksi goroh bakal sirna,
nanging wong kang ngrungokake bakal
ajeg micara.
29 Wong duraka ora duwe isin,
nanging wong jujur nata dalane.
30 Ora ana kawicaksanan lan pangreten,

lan ora ana panimbang-nimbang kang bisa
nandhingi Sang Yehuwah.
31 Jaran dirakiti kanggo ing mangsa perang,
nanging kaunggulan iku ana ing astane
Pangeran Yehuwah.

22 1 Pilih jeneng kang becik tinimbang karo
kasugihan gedhe,
luwih becik nampani katresnan katimbang
oleh salaka lan mas.
2 Wong sugih lan wong mlarat padha
papagan,
sakaro-karone Pangeran Yehuwah kang
nitahake.
3 Wong wicaksana manawa nyumurupi anane
bilai, banjur ndhelik,
balik wong ora duwe pangalaman terus bae
lakune, temah ngalami kasangsaran.
4 Andhap-asor lan pangabekti marang Sang
Yehuwah iku diganjar,
kasugihan, kaluhuran lan urip.
5 Eri lan kala ana ing dalane wong kang atine
culika,
sing sapa kepengin njaga awake, iku
ngedohi wong mau.
6 Wong anom iku gulawenthahen manut
dalan kang laras tumrap dheweke,
samangsa wus tuwa ora bakal nyleweng
saka dalan iku.
7 Wong sugih nguwasani para wong miskin,
lan sapa kang utang, dadi bature kang
motangake.
8 Wong kang nyebar kaculikan bakal ngeneni
pakewuh,

temah gitiking nepsune bakal lebur.
9 Wong berbudi iku bakal binerkahan,
awit wong mlarat padha dipandumi
rejekine.
10 Wong memoyok iku tundhungen, temah
tukar-padu banjur ilang,
lan kang padha padu lan nacad padha
leren.
11 Sing sapa seneng marang resiking ati,
sarta manis wicarane,
iku dadi mitraning ratu.
12 Tingale Sang Yehuwah ngreksa marang
kawruh,
nanging ujare wong cidra diwurungake.
13 Ujare wong kesed: "Ing njaba ana singa,
aku arep dipateni ana ing tengah dalan."
14 Ujare wong wadon tuna-susila iku
luwangan kang jero,
sing sapa kena bebendune Pangeran
Yehuwah iku bakal kecemplung ing
kono.
15 Kabodhoan iku tumempel ing atine wong
anom,
nanging gitiking pamerdi kang bakal
ngilangake iku.
16 Sing sapa nindhes marang wong kang
ringkih murih oleh kauntungan kanggo
awake dhewe,
utawa kang weweh marang wong sugih,
iku ndadekake kapitunane dhewe.

Wulang bebasan anggitane para wong wicaksana

22:17--24:34

17 Nilingna kupingmu, rungokna pituture para wong wicaksana,
sarta gatekna sakehe kawruhku.
18 Marga manawa iku kokrawati ana ing sajroning ati bakal gawe senengmu,
manawa kabeh iku cumawis ana ing lambemu.
19 Supaya kowe duwea pangandel marang Pangeran Yehuwah,
saiki pitutur mau dakwulangake marang kowe, iya marang kowe dhewe.
20 Aku biyen rak wis nulis marang kowe,
dakkantheni pitutur lan kawruh,
21 kanggo mulang marang kowe apa kang bener lan nyata,
supaya kowe bisa mangsuli kanthi patitis marang kang ngongkon kowe.
22 Aja ndhedheli wong miskin, awit iku wus miskin,
lan aja nindhes wong kang susah ana ing gapura.
23 Awit Pangeran Yehuwah mbelani prakarane,
sarta sing sapa ngrampas marang wong mau, iku bakal dirampas nyawane.
24 Aja memitran kawo wong bengis,
lan aja srawungan karo wong brangasan,

25 supaya kowe aja nganti kulina marang
pari-polahe,
lan marang jiret kanggo awakmu dhewe.
26 Kowe aja nganti kegolong wong kang
nganakake pasarujukan,
lan kang nanggung utang.
27 Saupama kowe ora duwe kang kagawe
nyaur,
yagene nganti paturon kang kokturoni
dijupuk?
28 Aja ngelih tengere wates lemah kang
lawas,
kang wus ditetepake dening para
leluhurmu.
29 Apa kowe wis tau weruh wong kang sregep
lan prigel ing gawe?
Wong kang mengkono iku bakal ngawula
ing ngarsaning ratu,
ora ngawula marang wong kang asor.

23

1 Samangsa kowe ndherek dhahar karo
panggedhe,
nggatekna temenan apa kang ana ing
ngarepmu.
2 Manawa kowe pancen wong dremba,
nempelna lading ing gulumu.
3 Aja melik marang dhaharane kang
enak-enak,
awit iku pangan kang nyidrani.
4 Aja ngaya pangudimu supaya bisa dadi
sugih,
tinggalen karepmu kang mangkono iku;
5 marga yen kokwaspadakake, banjur sirna,
awitdene iku dumadakan nganggo swiwi

kaya manuk garudha kang banjur mabur
ing akasa.
6 Aja mangan pangane wong cethil,
lan aja melik marang pangane kang
enak-enak,
7 awit kaya wong kang ngetung-etung ing
sajroning atine,
iya kaya mangkono iku wong mau.
Pangucape marang kowe: “Mangana lan
ngombea!”
Nanging atine ora seneng marang kowe.
8 Saemplokan olehmu mangan bakal
kokutahake,
lan sakehing tembungmu kang alus iku
kokbuwang tanpa tanja.
9 Aja guneman ana ngarepe wong gemblung,
marga iku bakal ngremehake tuturmu
kang patitis.
10 Aja ngelih tenger watese lemah kang
lawas,
lan aja lumebu ing pategalane bocah lola.
11 Awitdene kang nebus iku santosa,
Pangeran kang mbelani prakarane nglawan
marang kowe.
12 Migatekna marang panggulawenthah,
lan kupingmu telingna marang tembung-
tembung kang isi kawruh.
13 Aja nglirwakakake pamerdi marang anak,
iku manawa kokgitik nganggo penjalin ora
ndadekake patine.
14 Kowe nggitik nganggo penjalin,
nanging kowe ngentasake nyawane saka
ing jagade wong mati.

15 He anakku, manawa atimu wicaksana,
iku iya ndadekake bungahing atiku.
16 Nyawaku abungah-bungah,
manawa lambemu ngucapake kang jujur.
17 Atimu aja meri marang para wong dosa,
nanging tansah mantepa anggonmu
ngabekti marang Sang Yehuwah.
18 Satemene panganti-anti iku pancen ana,
lan pangarep-arepmu ora bakal ilang.
19 He anakku, ngrungokna, lan dadia
wicaksana,
atimu enerna ing dalan kang bener.
20 Aja srawungan karo wong kang karem
ngombe anggur,
lan kang karem marang daging;
21 awit wong karem ngombe lan seneng
mangan iku bakal nemahi kamlaratan,
lan ngantuk njalari nggombal.
22 Rungokna pituture bapakmu kang
nganakake kowe,
lan aja nyepelekake biyungmu samangsa
wus tuwa.
23 Tukua kabeneran lan aja kokedol maneh,
mangkono uga kawicaksanan, pamerdi lan
kawasisan.
24 Bapakne wong kang bener iku bakal
giyak-giyak,
sarta sapa kang nglairake wong wicaksana
iku bakal abungah-bungah.
25 Kareben bapa lain biyungmu padha
bungah,
lan kang nglairake kowe cikben
agiyak-giyak.

26 He anakku, atimu wenehna marang aku,
sarta mripatmu cikben seneng marang
dalan-dalanku.
27 Awit wong wadon tuna-susila iku jugangan
kang jero,
lan wong wadon lenjeh iku sumur kang
ciyut.
28 Malah kaya begal anggone nyenyegat,
lan ngakehake wong kang cidra ana ing
antarane para manungsa.
29 Sapa kang ngadhuh-adhuh? Sapa kang
sambat-sambat?
Sapa kang padu? Sapa kang ngesah-esah?
Sapa kang tatu tanpa sabab?
Sapa kang mripate abang?
30 Yaiku para kang melek nganti tengah
wengi karo ngombe anggur,
kang padha teka prelu ngicipi anggur
bumbon.
31 Aja mandeng marang anggur, kang abang
memenginake banget warnane,
sarta kileng-kileng ana ing tuwung,
lan angler nikmat yen kaombe,
32 nanging wekasane nyakot kaya ula,
lan nyemburake wisa kaya ula bedhudhak.
33 Mripatmu banjur bakal ndeleng bab-bab
kang aneh,
lan atimu nglairake tembung-tembung
kang ora karuwan.
34 Kowe banjur kaya wong kang ana ing
satengahe ombak sagara,
utawa kaya wong kang ana ing pucaking
tiyange prau.

35 Kowe bakal celathu mangkene: “Aku
digebugi dening wong, nanging aku ora
krasa lara,
lan dipenthung iya ora krasa!
Kapan aku eling?
Aku arep golek anggur maneh.”

24 1 Aja meri marang wong ala,
lan aja srawungan karo wong iku;
2 awit atine tansah ngangen-angen arep
nganiaya,
lan lambene ngrembug bab kasangsaran.
3 Srana kawicaksanan omah iku kaadegake,
lan kasantosakake dening kapinteran;
4 sarta srana kawasisan kamar-kamare
padha kaisenan,
raja-brana warna-warna kang larang
regane lan kang nengsemake.
5 Wong wicaksana iku luwih wibawa
tinimbang wong santosa,
semono uga wong kang duwe kawruh iya
luwih wibawa tinimbang wong gagah
prakosa.
6 Awit mung srana siasat anggonmu bisa
nglurug perang,
sarta kaunggulan iku gumantung kehe
wong kang dadi juru pirembug.
7 Kawicaksanan iku kedhuwuren tumrap
wong bodho,
mulane ana ing gapura ora mbukak
cangkeme.
8 Sapa kang tansah ngrantam piala,
bakal kaaranan tukang ngapusi.
9 Mikir kabodhoan iku marakake dosa,

sarta wong ambek memoyok iku nistha
tumrap manungsa.
10 Saupama ing dina karubedan atimu
semplah,
iku nelakake kuranging kekuwatanmu.
11 Wong kang diglandhang arep dipateni iku
luwarana,
lan kang sempoyongan marani papan
panyembelehan, iku slametna.
12 Manawa kowe kandha: “Prakara iku ora
ngreti temenan!”
Pangeran kang neter ati apa ora mirsa ing
sanyatane?
Apa Panjenengane kang rumeksa nyawamu
iku ora mirsa,
iku males marang manungsa miturut
panggawene?
13 He anakku, mangana madu, awit iku becik,
sarta rembesing madu iku legi rasane ana
ing cethakmu.
14 Wruhanamu, kaya mangkono rasane
kawicaksanan tumrap nyawamu,
manawa koktemu, ana kang kokanti-anti
ing dina buri,
sarta pangarep-arepmu ora bakal ilang.
15 Aja ngintip papan padunungane wong
bener kaya tindake wong duraka,
aja ngrusak omahe.
16 Awit wong bener iku sanadyan tiba rambah
ping pitu, mesthi ngadeg maneh,
nanging wong duraka bakal ambruk ana
ing sajroning bilai.
17 Manawa satrumu tiba, aja bungah,

sarta manawa kejlungup aja giyak-giyak
atimu,
18 supaya Pangeran Yehuwah ora uninga lan
mastani ala,
banjur nyingkirake bebendune saka wong
mau.
19 Aja nepsoni marang wong kang nindakake
piala,
aja meri marang wong duraka.
20 Awit ora ana pangarep-arep tumrap wong
ala,
damare wong duraka iku bakal mati.
21 He anakku, diwedi asih marang Pangeran
Yehuwah lan marang ratu,
aja mbalila marang sakaro-karone.
22 Marga kalawan dadakan padha
ndhatengake kasangsaran,
sarta sapa nyumurupi lebure, kang
didhatengake dening kalih-kalihe?
23 Ing ngisor iki iya wulang bebasan
anggitane para wicaksana,
mawang wong ana ing pangadilan iku ora
prayoga.
24 Sing sapa tutur marang wong duraka:
"Kowe ora luput,"
iku bakal diipat-ipati dening para bangsa,
lan disupatani dening para suku bangsa.
25 Nanging kang aweh pepenget bakal nemu
kabegjan,
sarta bakal ginanjar ing berkah.
26 Sing sapa mangsuli klawan patitis,
iku nucup lambe.
27 Pagaweanmu ing jaba rampungna,

sarta cawisna iku ana ing pategalan,
sawuse iku banjur lagi ngadegna omahmu.
28 Aja dadi seksi tumrap pepadhamu tanpa sabab,
lan ngapusi kalawan lambemu.
29 Aja duwe pangucap: "Kayadene kang dadi panggawene wong iku marang aku, iya kaya mangkono bakal tandukku marang wong mau.
Aku males marang wong manut panggawene."
30 Aku ngliwati pategalane wong kesed,
lan ing pakebonane anggur wong kang tanpa budi.
31 Lah kabeh iku kebak kathukulan bondhot,
lemahe katuwuhan ing lateng,
sarta temboke wus rubuh.
32 Aku ndeleng lan banjur njupuk piwulange,
aku ndeleng nuli oleh wulangan.
33 "Turu sadhela engkas, ngantuk sadhela engkas,
nekuk tangan sadhela engkas arep nerusake leyeh-leyeh,"
34 banjur katekan kamlaratan, kaya wong kang nempuh,
katekan kacingkrangan, kaya wong kang sikep gegaman.

Wulang bebasan anggitane Sang Prabu Suleman kang diklumpukake dening para abdine Sang Prabu Hizkia

25:1--29:27

25 1 Iki uga wulang bebasan anggitane Sang Prabu Suleman kang diklumpukake dening para abdine Sang Prabu Hizkia, ratu ing Yehuda.

2 Kaluhurane Gusti Allah iku nyimpen prakara
kayadene wadi,
nanging kaluhurane para ratu iku
niti-priksa prakara.
3 Sapira dhuwure langit lan jerone bumi,
kaya mangkono panggalihe para ratu iku
anggone ora kena dijajagi.
4 Taine salaka singkirna,
temah kemasan bisa oleh barang kang
kagawe piranti.
5 Wong duraka singkirna saka ing ngarsaning
ratu,
temah dhampare kasantosakake dening
kabeneran.
6 Aja pamer ana ing ngarsaning ratu,
utawa ngadeg ana ing papane para
panggedhe.
7 Awit luwih becik kowe kadhawuhan
mangkene: "Mrenea majua ing dhuwur
kene!"
Tinimbang karo dikon mundur, pinirsanan
dening para luhur.
Apa mripatmu ndeleng,

8 aja kesusu anggonmu tumindak gawe
prakara ana ing pangadilan,
awit ing wekasane apa kang kena
koktindakake,
manawa lawanmu wus ndadekake
wirangmu?
9 Belanana prakaramu karo lelawananmu,
nanging aja ngeler wewadining liyan;
10 supaya kowe aja nganti diwewada dening
kang padha krungu,
temah kawiranganmu ora bakal bisa ilang.
11 Tetembungan kang diucapake cocog karo
wektune,
iku upamane kaya apel mas ana ing
pinggan salaka.
12 Pepelinge wong wicaksana iku tumrap
kuping kang nilingake,
kaya ali-ali mas utawa pasren mas murni.
13 Kaya anyepe salju ing mangsa panen,
kaya mangkono kongkonan kang temen
lan setya tumrape kang ngongkon,
awit nyegerake atine lurahe.
14 mendhung lan angin kang tanpa udan,
kaya mangkono iku wong kang ngumukake
ganjaran kang ora tau ditampani.
15 Para pangwasa bisa diyakinake srana
kasabaran,
ilat kang alus ngremukake balung.
16 Manawa kowe oleh madu, mangana
sacukupe,
aja nganti kewaregen, temah banjur
kokutahake.

17 Aja kekerepen sanja ing omahe
pepadhamu,
supaya wong iku aja nganti bosen, banjur
sengit marang kowe.
18 Wong nglairake paseksi goroh tumrap
pepadhane,
iku upamane kaya gada utawa pedhang
lan panah kang landhep.
19 Pangandel marang wong kang cidra ing
mangsa ribed,
iku upamane kaya untu kang gopok utawa
kaya sikil kang kesliyo.
20 Wong kang ngidungake lelagon tumrap ati
kang sedhih,
iku upamane kaya wong kang cucul
klambi ing mangsa bedhidhing,
utawa kang ngesoki cokak ing tatu.
21 Manawa satrumu keluwen, wenehana
mangan roti,
manawa ngelak, wenehana ngombe
banyu:
22 awit kowe bakal ngentepi mawa ing sirahe,
sarta Pangeran Yehuwah bakal males
marang kowe.
23 Angin saka lor nggawa udan,
guneman bisik-bisik, ulat mrengut.
24 Pilih manggon ana ing pojok payon,
tinimbang manggon saomah karo wong
wadon kang dhemen grejegan.
25 Pawarta becik saka ing nagara adoh iku,
kaya banyu adhem tumrap ing nyawa kang
ngelak.

26 Wong bener kang kuwatir ana ing ngarepe
wong duraka,
iku kaya tuk buthek utawa sumber kang
reged.
27 Ora prayoga mangan madu akeh iku;
mulane diarang anggonmu nglairake
tembung pangalembana.
28 Wong kang ora bisa ngendhaleni awake,
iku kaya kutha kang rubuh temboke.

26 1 Kaya tumibane salju ing mangsa
panas lan tibane udan ing mangsa
panen,
kaya mangkono wong gemblung ora patut
diurmati.
2 Kayadene manuk emprit mabur nggeblas,
utawa kaya manuk sriti mabur kalangan,
iya mangkono ipat-ipat kang tanpa sabab
ora bakal tumama.
3 Cemethi iku tumrap ing jaran, kendhali
tumrap ing kuldi,
lan gebug tumrap gegere wong gemblung.
4 Anggonmu mangsuli marang wong
gemblung aja manut kabodhoane,
supaya kowe dhewe aja dadi pepadhane
wong iku.
5 Anggonmu mangsuli marang wong
gemblung ngemperana kabodhoane,
supaya wong iku aja nganti rumangsa
wasis.
6 Sing sapa kongkonan wong gemblung,
iku ngethok sikile dhewe lan ngombe
kacilakan.

7 Wulang bebasan ing cangkeme wong
gemblung,
iku kaya sengklehing sikile wong lumpuh.
8 Kayadene watu kang katalenan ing bandhil,
iya kaya mangkono wong kang ngurmati
wong gemblung.
9 Wulang bebasan ing cangkeme wong
gemblung,
iku prasasat eri kang tumancep ing
tangane wong mendem.
10 Sapa kang mburuhake marang wong
gemblung lan wong kang mbeneri liwat,
iku kaya wong manah kang natoni saben
wong.
11 Kaya asu kang mbaleni utah-utahane,
kaya mangkono wong gemblung anggone
mbolan-mbaleni kabodhoane.
12 Saupama kowe weruh wong kang
rumangsa pinter,
pangarep-arepe wong gemblung luwih
akeh tinimbang wong iku mau.
13 pangucape wong kesed: "Ing dalan ana
singa,
ana singa ing lurung!"
14 Kaya inebing lawang mingar-minger srana
engsele,
kaya mangkono wong kesed ana ing
paturone.
15 Wong kesed nyelupake tangane ing
pinggan,
kagawa saka kesele dadi ora kelakon
ngemplok.
16 Wong kesed rumangsa pinter,

ngluwihi wong pitu kang patitis
wangsulane.
17 Sing sapa nyampuri prakara padune wong
liya,
iku kaya wong kang nyandhak kupinge asu
kang lagi liwat.
18 Kayadene wong owah kang nglepasake
panah geni, panah lan pepati,
19 iya kaya mangkono wong kang culika
marang pepadhane,
sarta ngucap: “Aku mung geguyon bae.”
20 Manawa kayune entek, genine mati,
manawa si tukang mitenah ora ana,
tukar-padu sirep.
21 Kayadene areng kanggo ing mawa lan
kayu kanggo ing geni,
mangkono uga kanggone wong dhemen
padu, mung ndadekake ndadraning
pasulayan.
22 Tembunge si tukang mitenah iku kaya
panganan kang enak-enak,
kang banjur lumebu ing telenging ati.
23 Lambe manis kalawan ati kang ala,
iku kaya pecahan grabah kang kausar
salaka.
24 Wong sengit iku samudana klawan
lambene,
nanging batine ngandhut cidra.
25 Aja ngandel sanadyan tembunge manis,
awit kadursilan pitung warna ana ing atine.
26 Rasa sengit iku sanadyan katutupana ing
apus,

kadursilane bakal kawiyak ana ing
pasamuwan.
27 Sing sapa ndhudhuk jugangan bakal
kacemplung dhewe,
lan kang ngglundhungake watu, watune
bakal bali mlindhes awake dhewe.
28 Ilat cidra sengit marang wong kang wus
dadi kurbane,
lan cangkem lunyu gawe karusakan.

27 1 Aja ngalembana awakmu dhewe
marga saka dina sesuk,
awit kowe ora sumurup apa kang bakal
kelakon ing dina iku.
2 Kareben wong liya kang ngalem marang
kowe, aja cangkemmu dhewe,
utawa kang dudu kawanuhanmu, aja
lambemu dhewe.
3 Watu pancen anteb, wedhi iya ana bobote,
nanging kang luwih abot tinimbang iku,
yaiku nandhang serik marga saka wong
bodho.
4 Panasing ati iku daksiya, lan nepsu iku
ngamuk,
nanging sapa kang kuwat nyangga
butarepan?
5 Becik pameleh kang terus terang,
tinimbang katresnan kang sinidhem.
6 Mitra iku anggone nggebug kanthi tujuan
kang becik,
nanging pangambunge wong sengit iku
nganti kliwat wates.
7 Wong kang wareg iku ngidak-idak madu,

nanging tumrap wong keluwen, sabarang
kang pait rasane legi.
8 Wong kang nglembara ninggal omahe,
iku kaya manuk kang mabur ninggal
susuhe.
9 Lenga lan ganda arum iku mbingarake ati,
nanging kasusahan iku njuwing-njuwing
nyawa.
10 Aja ninggal mitramu sarta mitrane
bapakmu,
lan ing dina karibedanmu aja marani ing
omahe sadulurmu,
becik nekani tangga kang cedhak
katimbang sadulur kang adoh.
11 He anakku, dipinter, gawea bungahing
atiku,
supaya aku bisa mangsuli marang wong
kang memada aku.
12 Manawa wong kang prayitna nyumurupi
bilai, banjur umpetan,
nanging kang ora duwe pangalaman terus
bae, temah tinempuh ing bilai.
13 Sandhangane wong kang nanggung wong
liya iku jupuken,
sarta tahanen, kanggo cekelan tumrap
wong liya mau.
14 Sing sapa ing wayah esuk umun-umun
aweh salam marang pepadhane klawan
swara banter,
iku kaanggep ipat-ipat.
15 Rabi kang seneng grejegan iku padha
karo:

trocohing payon kang ora kendhat-kendhat
ing mangsa udan.
16 Sapa kang bisa nahan prasasat nahan
angin,
lan tangane tengen nggegem lenga.
17 Wesi nglandhepake wesi,
wong nglandhepake pepadhane.
18 Sing sapa ngopeni wit anjir iku bakal
mangan wohe,
lan sing sapa rumeksa marang bendarane
iku bakal diurmati.
19 Kayadene banyu ngiloni rai,
mangkono uga atine manungsa iya ngiloni
manungsa iku.
20 Jagading wong mati lan karusakan iku ora
wareg-wareg,
mangkono uga mripate manungsa iya ora
marem-marem.
21 Kowi iku kanggo nglebur salaka lan prapen
kanggo ngejer mas,
mangkono uga wong iku dikreta-aji manut
pangalembana kang ditujokake marang
dheweke.
22 Wong bodho iku sanadyan koktutu klawan
alu ana ing lesung, awor karo gandum,
kabodhoane ora bakal sirna.
23 Kaanane wedhus-wedhusmu iku dititenana
kang temenan
sarta kewan pepanthanmu iku gatekna.
24 Amarga raja-brana iku ora langgeng.
Apa makutha iku bisa lestari turun-
tumurun?
25 Manawa suket ilang lan trubusane metu,

sarta suket ing gunung diklumpukake,
26 cempene wedhus gembel banjur padha ngolehake sandhangan kowe,
sarta wedhuse berok lanang kanggo tuku lemah,
27 karomaneh puwane wedhus cukup kanggo panganmu lan kulawargamu,
sarta kanggo panguripane rewang-rewangmu wadon.

28 1 Wong duraka mlayu sanadyan ora ana kang ngoyak-oyak,
nanging wong bener rumangsa tentrem kaya singa nom.
2 Marga saka anane pambrontakan ing sawijining nagara, akeh kang nyekel pangwasa,
ewasamono marga saka anane wong kang mawa budi lan kadunungan kawruh, angger-angger tetep ana.
3 Wong mlarat kang nindhes wong sekeng,
iku kaya udan deres, nanging ora ngolehake rejeki.
4 Para wong kang nyepelekake angger-angger, iku padha ngalem marang wong duraka,
nanging kang netepi angger-angger padha nglawan marang wong kang mangkono iku.
5 Wong ala ora ngreti adil,
nanging wong kang ngupaya marang Sang Yehuwah iku ngreti samubarang.
6 Becik wong miskin kang watake resik,
tinimbang wong culika, sanadyana sugih.

7 Sapa kang netepi angger-angger iku anak
kang pinter,
nanging kang srawungan karo wong kang
murka iku gawe isine bapakne.
8 Sing sapa ngundhakake barang-darbeke
srana dibathekakake lan dianakake,
iku nglumpukake kanggo wong-wong kang
melasi para wong sekeng.
9 Sing sapa ngenggokake kupinge emoh
ngrungokake angger-angger,
iku pandongane uga nistha.
10 Sing sapa nasarake wong jujur marang
dalan kang ala,
iku bakal kacemplung ing luwangane
dhewe,
nanging wong kang ora duwe cacad bakal
oleh warisan kabegjan.
11 Wong sugih rumangsa pinter,
nanging wong miskin kang mawa budi
niteni wong sugih mau.
12 Samangsa wong bener menang, akeh kang
ngalembana,
nanging manawa wong duraka oleh
pangwasa, akeh wong kang padha
umpetan.
13 Sing sapa ndhelikake panerake ora bakal
begja,
nanging kang ngakoni lan ngunduri iku
oleh sih-mirma.
14 Rahayu wong kang tansah wedi-asih
marang Sang Yehuwah,
nanging kang wangkot bakal tumiba ing
bilai.

15 Kayadene singa kang nggero utawa
bruwang kang nubruk,
iya kaya mangkono iku wong duraka kang
nguwasani bangsa kang apes.
16 Pemimpin kang cupet ing budi iku keras
panindhese,
nanging kang sengit marang bebathen
kang ora absah iku dawa umure.
17 Wong kang nanggung getihe wong liya,
iku bakal terus digawa lumayu tekan ing
luwanging kubur.
Aja kokeman!
18 Sing sapa lakune tanpa cacad, iku bakal
kapitulungan,
nanging kang plinthat-plinthut bakal tiba
ing luwangan.
19 Wong kang ngolah lemahe bakal wareg
rejeki,
nanging kang ngoyak sabarang kang tanpa
guna iku bakal wareg kamlaratan.
20 Wong kena dipracaya iku kaluberan
berkah,
nanging wong kang kepengin enggal
sugih, ora bakal luput ing paukuman.
21 Mawang wong iku ora becik,
ewadene ana wong kang nindakake
panerak mung supaya oleh roti sairis.
22 Wong kang cethil ngarah enggal sugih,
lan ora ngawruhi yen bakal ngalami
kacingkrangan.
23 Sing sapa melehake marang wong, iku
wekasane luwih disenengi,

tinimbang kang duwe ilat kanggo
ngonggrong.
24 Sing sapa ngrampas darbeke bapa utawa
biyunge,
mangka duwe pangira, manawa iku dudu
panerak,
wong iku dhewe dadi mitrane juru
pangrusak.
25 Wong murka iku njalari grejegan,
nanging sing sapa pracaya marang
Pangeran Yehuwah iku nampani
kaluberan.
26 Sing sapa ngandelake atine dhewe iku
wong bodho,
nanging wong kang lakune klawan
kawicaksanan bakal slamet.
27 Sing sapa weweh marang wong miskin ora
bakal kekurangan,
nanging kang ngeremake mripate bakal
kena ing ipat-ipat.
28 Manawa wong duraka oleh pangwasa,
wong akeh padha umpetan,
nanging samangsa tumpes, para wong
bener mundhak akeh.

29

1 Wong kang ngakokake githok,
sanadyan wus diwelehake,
iku bakal diremuk dadakan lan ora bisa
dipulihake maneh.
2 Samangsa cacahe wong bener mundhak
akeh, rakyat bungah,
nanging manawa wong duraka nyekel
pangwasa, rakyat sambat.

3 Wong kang tresna marang kawicaksanan,
iku ndadekake bungahe bapakne,
nanging kang srawungan karo wong
wadon tuna-susila iku ngebreh-ebreh
bandhane.
4 Sarana kaadilan ratu anggone nyantosakake
nagarane,
nanging kang kakehan anggone narik
pajeg ndadekake ambruke.
5 Sing sapa ngonggrong-onggrong
pepadhane,
iku masang jiret ana ing ngarepe sikile.
6 Wong kang ala kejiret dening panerake
dhewe,
nanging wong bener iku bakal bungah-
bungah lan sukarena.
7 Wong bener nyumurupi wewenange wong
sekeng,
nanging wong duraka padha ora ngreti.
8 Wong ambek memoyok ngisruhake kutha,
nanging wong wicaksana padha
ngendhakake nepsu.
9 Wong wicaksana manawa prakaran karo
wong bodho,
wong bodho mau ngamuk lan gumuyu,
temah rame.
10 Wong kang ngorong marang wutahing
getih, padha sengit marang wong saleh,
nanging wong jujur padha ngupaya
kaslametane.
11 Wong gemblung nguja sakehe kanepsone,
nanging wekasane wong wicaksana kang
ngendhakake.

12 Manawa wong kang mrentah ngrungokake
tembung doracara,
para punggawane padha dadi wong
duraka.
13 Wong miskin lan wong kang nindhes padha
pethukan,
sakaro-karone padha kapadhangake
mripate dening Sang Yehuwah.
14 Ratu kang ngadili wong sekeng klawan
adil,
iku dhampare lestari kukuh ing
salawas-lawase.
15 Gebug lan pameleh ngolehake
kawicaksanan,
nanging anak kang ditogake bae iku gawe
wirange biyunge.
16 Yen cacahe wong duraka mundhak,
panerak iya saya akeh,
nanging para wong bener bakal padha
nyipati ambruke.
17 Anakmu gulawenthahen, temah bakal
ndadekakake ayeming atimu,
malah aweh kabungahan marang
nyawamu.
18 Manawa ora ana wangsit, rakyat dadi
urakan,
rahayu wong kang netepi angger-angger.
19 Rewang ora bisa diperdi mung klawan
tembung thok,
marga sanadyana ngreti, nanging ora
nindakake.
20 Kowe weruh wong kang gumampang
ngetokake tetembungan;

wong gemblung pangarep-arepe luwih
akeh katimbang wong iku.
21 Sing sapa nguja rewange wiwit enom,
wekasane malah ndadekake rewang mau
kaduk-wani.
22 Wong kang gampang nepsu nukulake
tukar-padu,
sarta wong brangasan akeh panerake.
23 Watek angkuh njalari asoring awak,
nanging kang andhap-asor iku oleh
pangalem.
24 Sing sapa nampani panduman saka
maling, iku sengit marang awake.
Wus krungu tumibaning ipat-ipat, nanging
ora disumurupi.
25 Wedi marang wong, iku nggawa kala jiret,
nanging sing sapa kumandel marang
Pangeran Yehuwah iku kaayoman.
26 Akeh wong kang golek sih marang kang
nyekel pangwasa,
nanging kaadilan iku Sang Yehuwah.
27 Wong bodho iku nistha tumrap wong bener,
lan kang jujur lakune iku jember tumrap
wong duraka.

Pangandikane Sang Agur bin Yake

30:1-33

30 1 Pangandikane Sang Agur bin Yake,
saka ing Masa. Pangucape wong
mangkene: "Dhuh Allah, kawula sampun
sayah sanget,

dhuh Allah kawula sampun sayah sanget,
ngantos ketelasan kakiyatan.”
2 Sabab aku iki bodho ngungkuli wong
liya-liyane,
aku ora kadunungan budi kaya salumrahe
manungsa.
3 Aku uga ora nyinau bab kawicaksanan,
nganti ora bisa wanuh marang Kang
Mahasuci.
4 Sapa ta kang wus munggah marang swarga
banjur mudhun?
Sapa ta kang wus nglumpukake angin ing
tangane?
Sapa ta kang wus mungkus banyu nganggo
sandhangan?
Sapa ta kang nemtokake sakehe poncoting
bumi?
Iku jenenge sapa lan sapa jenenge anake?
Kowe mesthi weruh!
5 Kabeh sabdane Gusti Allah iku murni,
Gusti Allah iku dadi tetamenge
sakehe wong kang ngayom marang
Panjenengane.
6 Aja nambahi pangandikane,
supaya kowe aja nganti diwelehake lan
kaanggep cidra.
7 Dhuh Allah, kalih prakawis ingkang kawula
suwun dhumateng Paduka,
mugi sampun Paduka tampik, kaparingana
saderengipun kawula pejah, inggih
punika:
8 Kaculikan saha doracara mugi Paduka
tebihaken saking kawula,

punapa malih sampun Paduka ganjar
kamlaratan utawi kasugihan,
namung kaparingana rejeki ingkang dados
panduman kawula.
9 Supados manawi kawula tuwuk, sampun
ngantos selak dhateng Paduka
kaliyan wicanten: Pangeran Yehuwah iku
sapa?
Utawi manawi kacingkrangan sampun
ngantos purun nyolong,
satemah nyawiyah dhateng asmanipun
Gusti Allah kawula.
10 Aja madulake batur marang bendarane,
supaya batur mau aja ngipati-ipati kowe,
sarta kowe banjur kudu nanggung
kaluputane iku.
11 Ana turun kang nyupatani bapakne,
lan ora mberkahi marang biyunge.
12 Ana turun kang nganggep marang awake
dhewe resik,
mangka durung dikumbah reregede
dhewe.
13 Ana turun kang wateke angkuh,
lan ladak mripate;
14 ana turun kang untune arupa pedhang,
lan bame arupa lading,
kanggo mangsa marang para wong kang
tinindhes nganti entek saka ing bumining
wong kang padha katindhes,
para wong miskin ing antarane manungsa.
15 Lintah iku duwe anak wadon loro,
sakarone padha muni: “Kanggo aku!” lan
“Kanggo aku!”

Ana telung prakara kang ora bisa
wareg-wareg,
malah patang prakara kang ora tau muni:
"Wus cukup!"
16 Jagade wong mati lan guwa-garba kang
gabug,
lan bumi kang ora bisa wareg banyu,
sarta geni kang ora tau ngucap: "Wus
cukup!"
17 Mripat kang nyampahi marang bapa,
sarta emoh mituhu marang biyung,
iku bakal dithothol dening manuk gagak
ing pinggir kali
lan kamangsa dening anake manuk
garudha.
18 Ana telung prakara kang dakgumuni,
malah patang prakara kang ora
dakngreteni;
19 yaiku: lakune manuk garudha ing
awang-awang,
lakune ula ana ing parang,
lakune prau ana ing tengahe sagara,
sarta lakune wong lanang karo prawan.
20 Lakune wong wadon bedhang iku
mangkene:
dhisike mangan, banjur ngusapi
cangkeme,
nuli ngucap: Aku ora nglakoni ala.
21 Ana telung prakara kang ndadekake bumi
horeg,
malah patang prakara kang ndadekake ora
betahe:
22 marga batur tukon manawa dadi ratu,

marga wong gemblung manawa
kewaregen,
23 marga wong wadon kang ora disenengi ing
wong manawa oleh bojo,
apadene marga rewang wadon kang
ngesur kalenggahane bendarane putri.
24 Ing bumi ana kewan papat kang cilik
dhewe,
nanging kang cukat banget:
25 semut iku golongan kang ora rosa,
nanging sasuwene mangsa panas padha
tandho pangan,
26 kancil iku golongan kang ringkih,
nanging anggone gawe omah ana ing
sajroning parang,
27 walang iku ora duwe ratu,
nanging padha baris kanthi tumata,
28 cecak iku kena kacekel nganggo tangan,
nanging ing kadhatone para ratu iya ana.
29 Ana kewan telu kang gagah jangkahe,
malah papat kang jangkahe bregas, yaiku:
30 singa kang prakosa dhewe padha-padha
kewan,
sarta ora mundur ngadhepi apa bae.
31 Jago kang angkuh, utawa wedhus lanang,
lan ratu kang tindak ing ngarepe kawulane.
32 Manawa kowe ngumukake awakmu
dhewe, dadia tanpa pikir, dadia sawuse
kokrasakake,
tanganmu tutupna ing cangkemmu.
33 Awit puwan iku manawa diwenyet-wenyet
metu mertegane,
yen irung dipijet-pijet metu getihe,

yen nepsu dipejet marakake kerengan.

Piwulang kagem Sang Prabu Lemuel saka kang ibu

31:1-9

31 1 Iki pangandikane Sang Prabu Lemuel,
ratu ing Masa,
kang diwulangake dening kang ibu marang
panjenengane.
2 He anakku, anak kang daklairake, anaking
punagiku,
apa kang bakal daktuturake marang kowe?
3 Kekuwatanmu aja kokwenehake marang
wong wadon,
mangkono uga lakumu, marang para wong
wadon kang ndadekakake rusake para
ratu.
4 He Lemuel, ora pantes kanggone para ratu,
ora patut para ratu manawa ngunjuk
anggur,
utawa para panggedhe manawa mundhut
minuman keras.
5 Aja nganti marga saka anggone ngunjuk
mau, banjur nglirwakake apa kang wus
katetepake,
lan ndhoyongake wewenange wong-wong
kang katindhes.
6 Minuman keras iku wenehna marang wong
kang arep sangsara,
lan anggure marang wong kang prihatin;
7 iku kareben padha ngombe supaya lali
marang kamlaratane,

lan ora kelingan marang kasusahane
maneh.
8 Cangkemmu angapna kanggo wong bisu,
lan kanggo wewenange wong kang
nglayung.
9 Cangkemmu angapna, lan gawea putusan
kang adil.
Wong kang katindhes lan kang miskin
padha wenehana wewenange.

Pangalembana marang rabi kang cakep

31:10-31

10 Rabi kang cakep sapa kang bisa nemu?
Dene ajine ngungkuli mutiara.
11 Atine kang lanang pracaya marang kang
wadon iku,
kang lanang ora tau kekurangan
kauntungan.
12 Tansah gawe becik marang kang lanang,
ora tau ditanduki ala,
ing sajege uripe.
13 Ngupaya wulu wedhus gembel lan rami,
lan seneng nggarap pagawean klawan
tangane.
14 Kayadene prau-praune sudagar,
nekakake rejekine saka ing papan kang
adoh.
15 Anggone tangi isih peteng,
banjur nyadhiyakake pangan kanggo wong
saomah
lan mbage-mbage gawean marang sakehe
pembantune wadon.

16 Bisa tuku pategalan, kang dikarepake,
pituwasing tangane kanggo wragad
nanduri pakebonan anggur.
17 Bangkekane disabuki karosan,
lengene dikuwatake.
18 Dheweke sumurup, manawa pametune
nguntungake,
yen bengi damare ora mati.
19 Tangane ditumpangake ing jantra,
drijine nyekel onthelane.
20 Tangane diulungake marang wong kang
katindhes,
ngulurake tangane marang wong mlarat.
21 Ora nyumelangake wong saomah kabeh
ing mangsa tibaning salju,
marga wong saomah padha manganggo
rangkep.
22 Gawe babut kanggo awake dhewe,
pangganggone arupa lena alus lan kain
wungu.
23 Kang lanang kondhang ana ing gapuraning
kutha,
samangsa lelungguhan karo para
tuwa-tuwane nagara.
24 Kang wadon gawe sandhangan lena,
banjur diedol,
sarta masrahake sabuk marang para wong
dagang.
25 Panganggone kekuwatan lan kaluhuran,
tumrap dina buri mung gumuyu bae.
26 Anggone ngangapake cangkeme kalawan
kawicaksanan,
lan ilate kadunungan piwulang kang alus.

27 Tansah ngulat-ulatake samobah-mosiking brayate,
lan ora tau mangan rejeki wohing tindak kesed.
28 Anak-anake padha tangi sarta ngarani biyunge rahayu,
dalah bojone iya ngalembana marang kang wadon, pangucape:
29 Akeh wong wadon kang nindakake kautaman,
nanging kowe ngungkuli iku kabeh.
30 Warna endah iku goroh lan ayune rupa iku tanpa guna,
nanging wong wadon kang wedi asih marang Pangeran Yehuwah iku kaalembana.
31 Iku wenehana panduman saka wohing tangane
panggawene iku kareben ngalembana dheweke ana ing gapura!

KOHELET

Samubarang kabeh iku ora ana paedahe

1:1-11

1 [1] Iki pangandikane Sang Kohelet, putrane
Sang Prabu Dawud, ratu ing Yerusalem.
[2] Banget anggone tanpa guna, mangkono
pangandikane Sang Kohelet, banget anggone
tanpa guna, samubarang kabeh iku tanpa
guna. [3] Apa gunane manungsa iku banget-
banget anggone nglakoni kangelan ana ing
sangisoring langit. [4] Turun kang siji sirna,
turun sijine teka, nanging bumi iki tetep
ana. [5] Srengenge mlethek, srengenge surup,
banjur enggal-enggal marani panggonan bakal
mletheke maneh. [6] Angin midid mangidul,
banjur mbalik mangalor terus-terusan
anggone mubeng-mubeng, lan sajrone
mubang-mubeng iku angin mau tumuli bali.
[7] Sakehing kali iku padha mili menyang ing
sagara, ewasamono sagara ora banjur dadi
kebak, panggonan anjoge ilining kali iku tetep
dadi dhoking iline kali. [8] Samubarang kabeh
iku anggone gawe sayah nganti ora kena
kacaritakake dening manungsa; mripat ora
wareg-wareg anggone ndeleng, kuping ora
wareg-wareg anggone ngrungokake. [9] Apa
kang tau ana bakal ana maneh, lan apa kang
tau dilakoni, bakal dilakoni maneh; ora ana

barang kang anyar ing sangisoring langit.
10 Apa ana barang kang kena dikandhakake:
“Delengen, iki anyar?” Awit iku dhek biyen wis
ana, wis suwe banget sadurunge kita ana.
11 Ora ana kang kelingan marang bab-bab
kang kelakon dhek jaman kapungkur, lan ing
jaman kang bakal kelakon iya ora bakal ana
kang kelingan marang bab-bab kang kelakon
ing jaman kang wus diungkurake dening para
wong kang bakal ana ing saburine.

Piwulang bab: kawicaksanan iku tanpa guna

1:12-18

12 Nalika aku, Kohelet, ngratoni Israel ana
ing Yerusalem, 13 kencenging atiku sumedya
mriksa lan naliti kalawan kawicaksanan
marang samubarang kabeh kang kalakon ana
ing sangisoring langit. Iku pagawean kang
angel kang diparingake dening Gusti Allah
marang para anaking manungsa, supaya
bisaa gawe kesele awake dhewe. 14 Aku
wus nyumurupi sakehing panggawe kang
dilakoni dening wong ana ing sangisoring
langit, nanging lah kabeh iku tanpa guna lan
mburu angin. 15 Apa kang bengkong ora kena
dilencengake, lan kang ora ana iku ora kena
dietung. 16 Sajroning ati aku mosik mangkene:
“Lah aku wus nggedhekake lan nambah
kawicaksanan ngluwihi kabeh wong kang
nyekel paprentahan ing Yerusalem sadurunge
aku, lan atiku wus kadunungan kawicaksanan

lan kawruh akeh.” 17 Aku wus nggemblengake
kekarepanku sumedya nyumurupi tegese
kawicaksanan lan kawruh, bodho lan goblog,
sarta aku mangerti manawa iki uga ateges
mburu angin, 18 amarga kawicaksanan akeh
iku ngemu kasusahan akeh, tuwin sing
sapa ngakehake kawruh iku ngakehake
kaprihatinan.

Kawicaksanan lan kabodhoan iku bab kang tanpa guna

2:1-26

2 1 Sajroning ati aku mosik mangkene:
“Coba, aku daknguji kabungahanku lan
ngematake kasenengan, nanging lah iku uga
tanpa paedah.” 2 Gumuyu iku dakkandhakake:
“Iku bodho!” lan tumrap kabungahan:
“Gunane apa?” 3 Aku niti-priksa awakku dhewe
kanthi patrap nyegerake badanku kalawan
anggur -- sajrone mangkono iku akal budiku
tetep mimpin kalawan kawicaksanan --
sarta nggondheli kagemblungan, nganti aku
nyumurupi apa kang becik dhewe kang bisa
dilakoni dening para anaking manungsa ana
ing sangisoring langit salawase uripe kang
mung sadhela iku.

4 Aku nglakoni panggawe-panggawe kang
wigati: aku yasa omah pirang-pirang, nanduri
pakebonan anggur akeh, 5 aku nganakake
pakebonan lan patamanan akeh, banjur
daktanduri wit-witan warna-warna, 6 aku gawe
blumbang pirang-pirang kanggo mbanyoni

wit-witan kang isih enom saka ing kono. [7] Aku
tuku batur lanang lan wadon akeh, lan ana
batur-batur kang lair ana ing omahku; aku
uga duwe sapi akeh lan wedhus ngluwihi wong
kabeh kang ana ing Yerusalem sadurunge
aku. [8] Aku uga nglumpukake selaka lan
emas, raja-brana kang pinangkane saka
para raja lan dhaerah-dhaerah. Aku ngupaya
pasindhen lanang lan wadon akeh, lan kang
nyenengake para anaking manungsa, yaiku
selir akeh. [9] Kalawan patrap mangkono aku
banjur kedunungan kaluhuran, malah nganti
ngluwihi sapa bae kang ana ing Yerusalem
sadurunge aku; ing sajrone mangkono iku
kawicaksananku tetep dumunung ana ing
aku. [10] Aku ora ngalang-alangi mripatku
tumrap sakehing kekarepane, sarta aku
ora ngampah atiku ing bab apa bae kang
disenengi, sabab atiku bungah marga saka
sakehing kangelanku, lan yaiku wohing sakehe
kangelanku. [11] Nalika aku niti-priksa sakehing
pagawean kang wus katindakake dening
tanganku lan sakehing pambudidaya kang
wus daktindakake kanggo ngrampungake
pagawean mau kalawan ngrekasa banget,
jebul kabeh iku tanpa guna lan ateges mburu
angin; pancen ing sangisoring langit iku ora
ana kang maedahi.

[12] Aku banjur genti mawas kawicaksanan,
kabodhoan lan kang goblog, sabab apa ta kang
bisa dilakoni dening wong kang nggenteni
dadi ratu? Mung apa kang wus katindakake
dening raja iku. [13] Sarta aku sumurup manawa

kawicaksanan iku ngungkuli kabodhoan,
kayadene pepadhang anggone ngungkuli
pepeteng. 14 Mripate wong kang kadunungan
kawicaksanan iku dumunung ana ing sirahe,
dene wong bodho iku lumaku ana ing
pepeteng, nanging aku uga sumurup, manawa
loro-lorone ngalami nasib kang padha. 15 Aku
banjur mosik ing sajroning ati mangkene: “Apa
kang tumempuh marang wong bodho, iku iya
bakal tumempuh marang aku. Apa gunane aku
iki dhek biyen kadunungan kawicaksanan kang
pinunjul iku?” Aku nuli mosik ing sajroning
ati, manawa iki uga tanpa guna. 16 Amarga
ora ana pangeling-eling kang tetep tumrap
wong wicaksana utawa wong bodho, awit ing
dina-dina kang bakal kelakon kabeh-kabeh
iku wus suwe anggone dilalekake, lah ah,
wong wicaksana iya mati kaya dene wong
bodho! 17 Awit saka iku urip iku daksengiti,
jalaran apa kang tumindak ana ing sangisoring
langit iku dakanggep ala, amarga samubarang
kabeh iku tanpa guna lan ateges mburu angin.
18 Aku sengit marang apa kang daklakoni
kalawan ngrekasa ana ing sangisoring langit
iki, sabab iku bakal dakwarisake marang
wong kang anane sawuse aku. 19 Sarta sapa
sumurup, wong iku wicaksana apa bodho?
Sanajan mangkono wong iku bakal ngwasani
apa kang wus katindakake kalawan rekasa lan
kawicaksanan ana ing sangisoring langit. Iku
uga tanpa paedah.

20 Marga saka iku aku banjur wiwit
mangu-mangu ing bab kang daktindakake

kalawan kangelan ana ing sangisoring langit
iki. [21] Jalaran manawa ana wong kang
nindakake samubarang kanthi ngrekasa
kalawan migunakake kawicaksanan, kawruh
lan kabisan, iya kudu marisake oleh-olehane
iku marang wong kang ora rekasa tumrap iku.
Iki uga tanpa paedah lan cilaka banget. [22] Apa
ta paedahe nindakake samubarang kalawan
ngrekasa ana ing sangisoring langit lan kang
jumedhul saka ing pepenginaning atine iku?
[23] Uripe kebak ing kasusahan lan pagaweane
kebak bab-bab kang gawe susahing ati, malah
ing wayah bengi atine ora tentrem. Iku uga
tanpa paedah.

[24] Ora ana kang tumrap manungsa
becike ngluwihi mangan lan ngombe sarta
seneng-seneng ing sajroning kangelane. Aku
sumurup, manawa iki uga saka ing astaning
Allah. [25] Amarga sapa ta kang bisa mangan
lan ngrasakake kanikmatan ing sajabane
Panjenengane? [26] Awit kang kaparingan
kawicaksanan, kawruh lan kasenengan iku
wong kang dadi keparenging panggalihe,
nanging wong dosa iku kaparingan kuwajiban
nglumpukake lan numpuk barang-barang,
kang ing tembe kudu diwarisake marang wong
kang dadi keparenging Allah. Iki uga tanpa
paedah lan ateges mburu angin.

Samubarang kabeh iku ana wayahe

3:1-15

3 [1] Samubarang kabeh iku ana wayahe, apa
bae ing sangisore langit iki ana wayahe.
[2] Ana wayahe lair, ana wayahe mati, ana
wayahe nenandur, ana wayahe mbedholi kang
ditandur. [3] Ana wayahe mateni, ana wayahe
marasake; ana wayahe mbubrah, ana wayahe
mbangun. [4] Ana wayahe nangis, ana wayahe
ngguyu; ana wayahe sesambat, ana wayahe
jejogedan. [5] Ana wayahe mbuwang watu,
ana wayahe nglumpukake watu; ana wayahe
ngrangkul, ana wayahe cegah ngrangkul. [6] Ana
wayahe nggoleki, ana wayahe ngeklasake
ilanging barang; ana wayahe nyimpen, ana
wayahe mbuwang. [7] Ana wayahe nyuwek, ana
wayahe ndondomi; ana wayahe meneng, ana
wayahe caturan. [8] Ana wayahe nresnani, ana
wayahe nyengiti; ana wayahe perang, ana
wayahe rukun. [9] Apa ta pituwase wong kang
nindakake pagawean kang dilakoni kanthi
kangelan? [10] Aku wus ndeleng pagawean
kang diparingake dening Gusti Allah marang
para anaking manungsa, supaya padha
gawea keseling awake. [11] Samubarang kabeh
katitahake endah ing wayah kang wus
kapesthekake, malah atine padha kaparingan
kalanggengan, nanging manungsa ora bisa
nyumurupi pakaryaning Allah wiwit wiwitan
nganti wekasan. [12] Aku sumurup manawa
tumraping para manungsa iku ora ana

kang becike ngluwihi seneng-seneng lan
ngematake kasenengan ana ing sajroning
uripe. 13 Dene saben wong bisa mangan,
ngombe lan ngrasakake kasenengan ing
sajroning kangelane kabeh, iku uga peparinge
Gusti Allah.
14 Aku sumurup manawa samubarang kabeh
kang katindakake dening Gusti Allah iku bakal
tetep anane ing salawas-lawase; iku ora
bisa diwuwuhi utawa dikurangi; Gusti Allah
tumindak mangkono, supaya manungsa wedia
marang Panjenengane. 15 Kang saiki ana, iku
biyen wus ana, lan kang bakal ana iku wus
lawas anane; sarta Gusti Allah ngupadosi apa
kang wus kapungkur.

Ing sajroning urip tinemu bab-bab kang ora adil

3:16--4:6

16 Sabanjure aku sumurup papan pangadilan
ana ing sangisoring langit: ing kono tinemu
bab-bab kang ora adil; sarta papan kaadilan,
ing kono uga tinemu bab-bab kang ora adil.
17 Aku mosik ing sajroning ati: “Gusti Allah
bakal ngadili wong kang bener lan kang ora
adil, awit tumrap sakehing pagawean, iku ana
wayahe dhewe-dhewe.” 18 Osikku ing sajroning
ati mangkene: “Anadene para anaking
manungsa, iku bakal kauji dening Gusti Allah
lan bakal kaparingan sumurup, manawa
dheweke kabeh iku lugune kewan.” 19 Amarga
pepesthen tumrap manungsa iku padha

karo kang tumrap kewan, sakaro-karone
padha tinemune; kang siji mati, sijine iya
mangkono. Sakarone padha-padha ambekan,
lan manungsa iku ora ngluwihi kewan,
amarga samubarang kabeh iku tanpa paedah.
20 Sakarone marani panggonan kang padha;
sakarone dumadi saka lebu lan sakarone bali
menyang ing lebu. 21 Sapa kang sumurup,
manawa ambekaning manungsa iku munggah
mandhuwur, dene ambekaning kewan mudhun
mangisor, menyang ing bumi. 22 Aku sumurup
manawa ora ana kang becike ngungkuli
kasenengan sajroning pagaweane tumrap
manungsa, amarga iku kabegjane. Awit sapa
ta kang bakal nuduhake apa kang bakal
kelakon sawuse dheweke?

4 1 Aku nyumurupi maneh sakehing
panindhes kang kalakon ana ing
sangisoring langit, lan eluhe para wong kang
katindhes mangka ora ana kang nglipur,
amarga kang nindhes iku padha kadunungan
pangwasa. 2 Awit saka iku wong mati kang
wus suwe anggone ngajal iku dakanggep
padha luwih begja katimbang karo wong
kang padha urip, kang saiki isih padha urip.
3 Nanging kang luwih begja tinimbang karo
sakaro-karone iku -- manut panganggepku --
yaiku wong kang durung ana, kang durung
nyumurupi panggawe ala, kang kelakon ana
ing sangisoring langit.

4 Lan aku sumurup, manawa sakehing
kangelan lan sakehing kabisan ing bab
nindakake pagawean iku yaiku meri marang

wong liya. Iku uga bab kang tanpa guna
lan ateges mburu angin. 5 Wong kang bodho
sedhakep lan mangan daginge dhewe.
6 Katentreman sagegem iku luwih becik
tinimbang karo kangelan rong gegem lan
ngudi mburu angin.

Bab-bab kang tanpa guna ing sajroning urip

4:7-16

7 Aku nyumurupi maneh bab-bab kang tanpa
paedah ana ing sangisoring langit: 8 ana wong
kang mung ijen, ora duwe anak lanang utawa
sadulur lanang, lan ora leren-leren anggone
nglakoni kangelan, mripate iya ora bisa wareg
ndeleng kasugihan; -- kanggo sapa anggonku
nglakoni kangelan lan nampik kasenengan?
-- Iku uga bab kang tanpa paedah lan kang
marakake susah. 9 Wong loro iku luwih prayoga
tinimbang karo wong siji, awit iku padha
tampa pituwas kang becik tumrap kangelane.
10 Amarga manawa padha tiba, kang siji banjur
nangekake sijine, nanging cilaka wong kang
ijen manawa tiba, awit ora ana wong liyane
kang nangekake. 11 Uga manawa wong loro
padha turu, banjur padha dadi anget, nanging
manawa ijen kapriye bisane dadi anget? 12 Lan
manawa wong ijen bisa dikalahake, wong loro
bakal bisa nanggulangi. Tapi telu ora gampang
dipedhot.
13 Wong anom kang miskin nanging
kadunungan kawicaksanan iku luwih becik

katimbang karo ratu sepuh kang bodho, kang
puguh diemutake. 14 Awit wong anom mau
metu saka ing pakunjaran banjur dadi ratu,
sanadyan laire ana ing sajroning kamlaratan
nalika kang sepuh mau ngasta paprentahan.
15 Aku nyumurupi kabeh wong kang ana
ing sangisoring langit iki padha lumaku
bebarengan karo wong anom kang bakal
nggenteni ratu mau. 16 Tanpa wilangan kehe
wong kang padha dipimpin, nanging wong
kang sawuse iku padha teka, ora padha
seneng marang panjenengane. Awit saka iku
iki uga tanpa paedah lan ateges mburu angin.

Padha wedia marang Gusti Allah

5:1-5:7 (4:17--5:6)

5 1 (4-17) Reksanen sikilmu, manawa kowe
lumebu ing padalemaning Allah; nyedhak
prelu ngrungokake iku luwih becik tinimbang
karo nyaosake kurban kang ditindakake dening
para wong bodho, amarga iku ora mangreti,
manawa padha nglakoni piala.
2 (5-1) Aja kesusu, cangkemmu lan atimu
aja age-age nglairake tetembungan ana ing
ngarsaning Allah, amarga Gusti Allah iku
ana ing swarga, mangka kowe ana ing bumi,
mulane tembungmu sathithik bae. 3 (5-2)
Awit kayadene jalarane ngimpi iku marga
saka akehing pagawean, mangkono uga
rembuge wong bodho iku iya marga saka
akehe tembung-tembunge. 4 (5-3) Manawa
kowe duwe nadar ana ing ngarsaning Allah,

aja kok undur-undur anggonmu netepi,
marga Panjenengane ora rena mirsani para
wong kang gemblung. Tetepana nadarmu.
5 (5-4) Luwih becik kowe ora duwe nadar
katimbang duwe nadar nanging ora koktetepi.
6 (5-5) Aja nganti kowe katuntun dening
cangkemmu marang ing dosa, sarta aja
matur ana ing ngarsane utusaning Allah
manawa kowe tumindak kliru. Yagene ta
tembung-tembungmu kok nganti ndadekake
dukaning Allah ing bab pangucapmu lan banjur
ngrusak pagaweaning tanganmu? 7 (5-6)
Amarga kayadene impen iku akeh, mangkono
uga tetembungan kang tanpa paedah iku uga
akeh. Nanging wedia marang Gusti Allah.

Bab tanpa paedahe kasugihan

5:8--6:12 (5:7--6:12)

8 (5-7) Manawa ana ing sawijining dhaerah
kowe nyumurupi wong miskin ditindhes lan
angger-angger tuwin kaadilan katerak, kowe
aja gumun, amarga kang pangkat dhuwur
kang siji ngulat-ulatake sijine, mangkono
uga kang luwih dhuwur pangkate padha
ngulat-ulatake wong-wong mau. 9 (5-8) Ing
sajroning kaanan mangkono iku, begja nagara
kang ratune ingajenan ana ing dhaerah kono.
10 (5-9) Sing sapa nresnani dhuwit ora bakal
wareg dhuwit lan sing sapa tresna marang
kasugihan ora bakal marem marang pametune.
Iki iya tanpa paedah. 11 (5-10) Manawa barang
darbeke wuwuh, wong kang ngentekake uga

wuwuh. Banjur apa kauntungane kang duwe
kajaba mung ndeleng? 12 (5-11) Wong kang
nyambut gawe iku turune kepenak, sanadyan
mangane sathithik utawa akeh; nanging
mubra-mubruning wong sugih marakake
ora bisa turu. 13 (5-12) Aku weruh kaanan
kang nyedhihake banget ana ing sangisoring
langit: kasugihan kang kasimpen dening kang
duwe njalari kacilakane dhewe. 14 (5-13)
Lan kasugihan iku sirna marga saka kojure,
satemah ora duwe apa-apa kanggo anake.
15 (5-14) Kayadene anggone metu saka ing
guwa-garbane ibune, mangkono uga anggone
bakal lunga, iya wuda kaya nalikane teka
lan ora oleh apa-apa saka ing kangelane
kang kena digawa. 16 (5-15) Iki uga kaanan
kang nyedhihake. Kayadene anggone teka,
mangkono uga anggone bakal lunga. Banjur
apa kauntungane wong kang wus kangelan
mburu angin iku? 17 (5-16) Malah salawase
uripe ngrasakake gela lan sedhih; akeh
kasusahane, kasangsarane lan kang marakake
anyel.

18 (5-17) Lah kang dakanggep becik
lan prayoga iku: mangan ngombe lan
seneng-seneng ing sajroning pagaweane
kang dilakoni kalawan ngrekasa ana ing
sangisoring langit ing salawase uripe kang
cendhak, kang diparingake dening Gusti
Allah, awit yaiku pandumane. 19 (5-18) Saben
wong kang kaparingan kasugihan, raja-brana
lan pangwasa dening Gusti Allah kang bisa
dirasakake minangka pandumane, banjur

bisa seneng-seneng ing sajroning kangelane,
iku uga ganjarane Gusti Allah. 20 (5-19)
Wong mau arang-arang ngeling-eling marang
uripe, amarga Gusti Allah marengake tansah
ngrasakake kasenenganing atine.
6 1 Ana kaanan kang kojur kang dakdeleng
ana ing sangisoring langit, kang banget
pameteke marang manungsa: 2 wong kang
kaganjar dening Gusti Allah kasugihan, raja-
brana lan kamulyan, satemah ora kakurangan
apa-apa tumrap kang dadi pepenginane,
nanging wong iku ora diparengake dening
Gusti Allah ngrasakake iku kabeh, nanging
wong liya kang ngrasakake! Iki kaanan
kang tanpa guna lan kasangsaran kang pait.
3 Manawa ana wong kang anake satus lan suwe
uripe nganti dawa banget umure, nanging ora
marem marang kasenengan, malah banjur ora
oleh panguburan, aku kandha: anak keluron
iku luwih becik katimbang karo wong mau.
4 Sabab anak keluron iku tekane tanpa guna
lan ana ing pepeteng sarta jenenge katutupan
ing pepeteng, 5 tur ora ndeleng srengenge
tuwin ora weruh apa-apa. Iku luwih tentrem
tinimbang karo wong mau. 6 Sanadyan
uripe sewu taun ping pindho, manawa ora
ngrasakake kasenengan, apa samubarang
kabeh iku ora ngener marang panggonan siji?
7 Sakehing kangelane manungsa iku kanggo
cangkeme, nanging pepenginane ora ana
uwis-uwise. 8 Amarga apa ta kaluwihane wong
wicaksana yen katimbang karo wong bodho?
Apa ta kaluwihane wong miskin kang bisa

srawungan karo pepadhane ngaurip? 9 Luwih
becik mung ndeleng bae katimbang karo
ngumbar hawa-nepsu. Iku uga tanpa paedah
lan ateges mburu angin.
10 Apa bae kang ana, iku wus suwe anggone
kapratelakake jenenge lan wus kasumurupan
manungsa iku sapa, yaiku anggone ora bisa
prakaran karo kang kasantosane ngungkuli
dheweke.
11 Amarga saya akeh tetembungane, iya
saya akeh kang tanpa paedah. Apa gunane
tumrap manungsa? 12 Amarga sapa kang
nyumurupi apa kang prayoga kanggo
manungsa ing salawase uripe kang ora suwe,
kang tanpa guna, kang dilakoni kayadene
ayang-ayangan? Sapa kang bisa mratelakake
marang manungsa, apa kang bakal kelakon
ing sapungkure ana ing sangisoring langit?

Kawicaksanan kang bener

7:1-22

7 1 Jeneng kang arum iku luwih becik
katimbang karo lenga kang larang, lan
dinaning ngajal iku luwih becik tinimbang
karo dina kalairan. 2 Luwih becik lumebu ing
omah kang kasusahan tinimbang lumebu
ing gedhong kang kanggo pista, awit ana
ing omah kang kasusahan iku wekasaning
saben manungsa: wong urip prayoga ngelingi
bab iki. 3 Sedhih iku luwih becik katimbang
karo ngguyu, awit ulat kang peteng iku gawe
beciking ati. 4 Wong wicaksana iku seneng ana

ing omah kang lagi prihatin, nanging wong
bodho seneng ana ing gedhong kasenengan.
5 Ngrungokake srengening wong wicaksana
iku luwih becik tinimbang karo ngrungokake
kekidunganing wong gemblung. 6 Amarga
kayadene swaraning eri kang kobong kumritig
ana ing sangisoring kwali, iya mangkono
iku guyune wong gemblung. Iki uga tanpa
paedah. 7 Sanyata, tumindak meres iku njalari
wong wicaksana dadi gemblung, dene dhuwit
besel iku ngrusakake ati.
8 Wekas-wekasaning prakara iku luwih
becik katimbang karo wiwitane. Kasabaran
kang gedhe iku luwih becik katimbang
gumunggung. 9 Aja age-age nepsu ing
sajroning ati, awit nepsu iku lumengket ing
atine wong gemblung. 10 Aja celathu: "Yagene
jaman biyen iku kok luwih becik tinimbang
karo jaman saiki?" Amarga pitakonmu iku ora
adhedhasar kawicaksanan. 11 Kawicaksanan
iku karo warisan padha becike, iku sawijining
kauntungan tumrap para wong kang ndeleng
srengenge. 12 Amarga pangayomaning
kawicaksanan iku kayadene pangayomaning
dhuwit. Lan begja wong kang sumurup,
manawa kawicaksanan iku rumeksa marang
uripe para wong kang nduweni. 13 Manawa
marang pakaryaning Allah! Sapa kang bisa
nglencengake apa kang wus kabengkokake
dening Panjenengane? 14 Manawa pinuju
begja dieling, yen dina kacilakan iku
dianakake dening Gusti Allah kayadene

dinaning kabegjan, supaya manungsa ora bisa
nyumurupi apa kang bakal kelakon.
15 Ing sajroning uripku kang tanpa guna
iki aku nyumurupi prakara warna-warna,
kayata: ana wong mursid kang tiwas ing
sajroning kamursidane, ana wong duraka kang
uripe suwe ana ing sajroning pialane. 16 Aja
banget-banget anggonmu mursid, aja banget-
banget anggonmu tumintak wicaksana;
yagene kowe arep ngrusak awakmu dhewe?
17 Aja banget-banget anggonmu nglakoni
duraka, aja gemblung, yagene kowe kepengin
mati sadurunge mangsamu? 18 Prayogane
kang siji gondhelana, sijine aja kokeculake,
amarga wong kang wedi marang Gusti
Allah iku ora bakal ketaman ing loro-lorone.
19 Kawicaksanan iku aweh kakuwatan marang
kang nduweni, ngluwihi wong sapuluh kang
padha nyekel pangwasa ing sajroning kutha.
20 Sanyatane ing bumi iki ora ana wong kang
mursid: kang nglakoni panggawe becik lan
ora tau nglakoni dosa. 21 Uga aja nggatekake
sakehing tembung kang kaucapake dening
wong, supaya kowe ora krungu baturmu
ngipat-ipati kowe. 22 Amarga atimu sumurup,
manawa kowe uga wus kerep ngipat-ipati
wong liya.

Mburu kawicaksanan kang gawe gela

7:23--8:1

23 Kabeh-kabeh iki wus dakcoba supaya
oleh kawicaksanan. Aku celathu: “Aku

kepengin oleh kawicaksanan,” nanging
kawicaksanan iku adoh saka ing aku. 24 Apa
kang ana iku adoh lan jero, jero banget,
sapa kang bisa nemokake? 25 Kang dakudi
iku bisane mangreti, niti-priksa lan ngupaya
kawicaksanan lan kakenthelaning pamikir, lan
bisane nyumurupi, manawa duraka iku bab
kang gemblung lan tanpa pikiran iku edan.
26 Sarta aku nemu bab kang ngluwihi paite
pati: wong wadon kang dadi jaring, kang
atine dadi jiret lan tangane dadi blenggu.
Wong kang dadi keparenging Allah bakal oncat
saka kang mangkono iku, nanging wong dosa
mesthi kecandhak.
27 Lah iki kang daktemokake, -- mangkono
pangandikane Sang Kohelet, -- manunggalake
kang siji kalawan sijine supaya oleh
kakenthelaning prakara, 28 kang isih dakupaya
tetep ora ketemu --; ing antarane wong
sewu aku nyumurupi wong siji, nanging ing
antarane wong-wong iku aku ora nyumurupi
wong wadon siji-sijia. 29 Lah mung iki kang
daktemokake, yaiku manawa Gusti Allah wus
nitahake manungsa kang jujur, nanging wong
banjur padha ngupaya akal pirang-pirang.
8 1 Sapa ta kang madhani wong wicaksana?
Lan sapa kang sumurup marang
katranganing saben prakara? Kawicaksananing
manungsa ndadekake sumoroting raine lan
gawe lilihing serenge ulate.

Sanadyan kadadean-kadadean katon cengkah, nanging pangadilaning Allah mesthi tumindak

8:2-17

2 Mbangun-mituruta marang dhawuhing
ratu demi sumpahmu marang Gusti Allah.
3 Aja kesusu mundur saka ing ngarsane;
aja mreduli marang prakara kang ala,
amarga panjenengane nindakake apa kang
dikarsakake. 4 Awit pangandikaning ratu iku
kwasa; sapa ta kang bakal munjuk ana ing
ngarsane: "Panjenengan dalem nglampahi
punapa?"
5 Sing sapa mbangun-miturut marang
dhawuh, ora bakal ngalami prakara kang gawe
cilaka, lan atine wong wicaksana nyumurupi
wancining pangadilan, 6 amarga samubarang
kabeh iku ana wektune pangadilan, lan
piwulanging manungsa iku metek marang
awake. 7 Sanyata, manungsa iku ora sumurup
apa kang bakal kelakon, awit sapa ta kang
nyumurupake kapriye bakal kelakone? 8 Ora
ana wong kang bisa nyandhet angin, lan ora
ana wong kang bisa ngwasani dinaning pati.
Perang iku ora ana lerene, tuwin duraka iku
ora bakal ngeculake kang nglakoni. 9 Iku kabeh
wus daksumurupi, sarta aku nggatekake
sakehing panggawe kang kalakonan ana
ing sangisoring langit, nalika wong kang siji
ngwasani sijine ndadekake cilakane.

[10] Aku uga sumurup wong duraka kang bakal
padha dikubur kena lumebu, mangka wong
kang lakune bener padha kapeksa ninggal
panggonan kang suci lan kang ana ing kutha
kono wus ora ana wong kang kelingan. Iki uga
tanpa paedah. [11] Sarehne paukuman tumrap
panggawe ala ora enggal-enggal kaetrapake,
atining manungsa banjur kebak kekarepan
ala. [12] Sanadyan wong dosa lan kang nglakoni
piala ping satus dawa umure, nanging aku
sumurup, manawa wong kang wedi marang
Gusti Allah iku bakal oleh kaslametan, amarga
padha wedi marang pangayunane.
[13] Nanging wong duraka ora bakal oleh
kaslametan lan kayadene ayang-ayangan, ora
bakal dawa umure, amarga ora wedi marang
pangayunaning Allah. [14] Ana sawijining
prakara kang tanpa paedah kang kelakon ana
ing bumi: ana wong mursid kang padha tanpa
pituwas kang pantese kanggo wong duraka,
lan ana wong duraka kang padha tanpa
ganjaran kang pantese kanggo wong mursid.
Aku kandha: "Iki iya tanpa guna!" [15] Awit saka
iku aku ngalembana marang kabungahan,
amarga ora ana kabegjan liyane tumraping
manungsa ana ing sangisoring langit iki kajaba
mangan lan ngombe tuwin seneng-seneng. Iku
kang dadi kanthine ing sajroning kangelane
ing salawase uripe, kang diparingake dening
Gusti Allah ana ing sangisoring langit iki.
[16] Nalika aku ngudi bisane nyumurupi
kawicaksanan lan ndeleng ributing manungsa
ing bumi anggone nindakake pagawean rina

wengi tanpa ngliyep, [17] tumraping aku banjur cetha, manawa manungsa ora bisa nyumurupi sakehe pakaryaning Allah, kang dilampahi ana ing sangisoring langit. Sanadyan kapriye bae manungsa anggone ngupaya kalawan kangelan, ewasamono ora bakal bisa sumurup. Sanadyan wong wicaksana pratela, yen bisa nyumurupi, nanging lugune ora bisa nyumurupi.

Kabeh wong iku nasibe padha bae

9:1-12

9 [1] Kabeh iku lugune wus dakgilut-gilut ing sajroning atiku, wus daktitipriksa, yaiku manawa para wong mursid lan para wong wicaksana iku dalah sapanggawene, apa katresnan apa sesengitan, padha ana ing astaning Allah, manungsa ora sumurup samubarang kang bakal kelakon tumrap dheweke. [2] Samubarang kabeh iku padha bae tumrap wong kabeh; nasibe wong iku padha: wong mursid apa wong duraka, wong becik apa wong ala, wong kang resik apa wong kang jember, wong kang caos kurban apa kang ora caos kurban. Wong becik padha kaya wong dosa, wong kang supata padha kaya wong kang wedi sumpah. [3] Yaiku kang kebangeten tumrap samubarang kabeh kang kelakon ana ing sangisoring langit; kabeh wong nasibe padha. Atining para anaking manungsa iku iya kebak piala lan salawase urip atine kadunungan kaanan gemblung sarta

wekasane padha marani panggonane wong
mati. [4] Nanging sapa kang kagolong wong
urip, iku duwe pangarep-arep, awit asu kang
urip iku luwih becik katimbang karo singa
kang mati. [5] Sabab wong-wong kang urip iku
mangreti manawa bakal padha mati, nanging
wong mati ora mangreti apa-apa, ora bakal
tampa pituwas maneh, malah wong padha lali
babar pisan marang dheweke. [6] Katresnane
utawa sengite lan kumerene wus ilang suwe
tuwin ing salawase wus ora duwe bagean
maneh tumrap samubarang kabeh kang
kelakon ana ing sangisoring langit.
[7] Mara, panganen rotimu kalawan bungah,
lan ombenen anggurmu kalawan senenging
ati, amarga panggawemu wus lawas
ndadekake keparenging panggalihe Gusti
Allah. [8] Sandhanganmu dimen lestari putih
lan sirahmu aja nganti ora koklengani.
[9] Ngrasakna nikmating urip kalawan bojo
kang koktresnani ing salawase uripmu kang
tanpa guna iku, kang kaganjarake dening
Gusti Allah marang kowe ana ing sangisoring
langit, amarga yaiku pandumanmu ing
sajroning urip lan sajroning pambudidaya
kang koktindakake kalawan ngrekasa ana ing
sangisoring langit. [10] Samubarang kabeh kang
tinemu dening tanganmu supaya dilakoni, iku
tindakna ing sabisa-bisamu, awit ing jagading
wong mati kang bakal kokparani ora ana
pagawean, panimbang-nimbang, kawruh lan
kawicaksanan.

[11] Aku sumurup maneh ana ing sangisoring
langit, yen ana ing pabalapan iku kang
njalari menang dudu rikating playu, lan
kaunggulaning perjuangan iku ora kanggo
wong kang santosa, uga pangan iku ora
kanggo wong kang wicaksana, kasugihan ora
kanggo wong kang pinter, sarta kanugrahan
ora kanggo wong kang linuwih, amarga wong
mau kabeh padha mbarengi mangsa-kalane
tuwin pancen nasibe mangkono. [12] Awit
manungsa ora sumurup marang wektune;
kayadene iwak kang kena ing jala kang
mbilaeni, lan kayadene manuk kang kena
ing kala, iya mangkono iku para anaking
manungsa anggone padha kena ing jireting
mangsa-kala kang kojur, yaiku manawa padha
tinempuh ing bab iku kalawan dadakan.

Kawicaksanan iku luwih becik tinimbang karo pangwasa

9:13-18

[13] Bab iki manut wawasanku iya kawicaksanan
kang ana ing sangisoring langit lan iku
tumraping aku katone gedhe: [14] Ana sawijining
kutha cilik, pendhudhuke mung sethithik;
banjur ana raja agung kang nempuh lan
ngepung sarta ngedegake tembok-tembok
pangepungan. [15] Ing kono ana wong mlarat
kang wicaksana, kang ngluwari kutha iku
kalawan kawicaksanane, ewadene ora ana
owng kang eling marang wong mlarat mau.
[16] Mulane aku kandha: “Kawicaksanan iku

luwih becik tinimbang karo kasantosan,
ewadene kawicaksanane wong mlarat
diremehake lan tembunge ora dirungokake
dening wong.” [17] Tembunge wong wicaksana
kang dirungokake kanthi sareh, iku luwih
becik tinimbang karo bengok-bengoke wong
kang kwasa ana ing satengahe para wong
gemblung. [18] Kawicaksanan iku luwih becik
tinimbang piranti perang, nanging wong siji
kang kleru bisa gawe bubrahe prakara kang
becik akeh.

Kawusanane kabodhoan

10:1-20

10 [1] Laler kang mati njalari mambune lenga
jebad gaweane si tukang gawe lenga
jebad; mangkono uga kabodhoan sathithik
bae iku dayane ngluwihi kawicaksanan lan
kaurmatan. [2] Atine wong wicaksana iku ngener
manengen, dene atine wong gemblung iku
mangiwa. [3] Uga manawa lumaku ana ing
lurung wong bodho iku pikirane iya kethul,
saben wong dikandhani, manawa dheweke iku
bodho.

[4] Manawa kowe tinempuh ing bebendu, aja
ninggal papanmu, awit kasabaran iku bisa
nyegah kasalahan-kasalahan kang gedhe.
[5] Aku sumurup sawijining piala ana ing
sangisoring langit, yaiku kaluputan kang asale
saka wong kang nyekel pangwasa: [6] Akeh
papan kang luhur, kang dilungguhi ing wong
bodho, mangka papan kang asor dilungguhi

ing wong sugih. [7] Aku sumurup batur tukon
nunggang jaran, lan para panggedhe padha
mlaku dharat kaya batur tukon. [8] Sing sapa
gawe luwangan bakal kacemplung mrono, lan
sing sapa njebol tembok bakal dicokot ing
ula. [9] Sing sapa mecah watu bakal kelaran;
sing sapa nyigar kayu bakal kena ing bebaya.
[10] Manawa wadunge kethul lan ora diasah,
wong banjur kudu ngetokake kakuwatan
kang luwih gedhe, nanging kang prelu supaya
bisa kasil, iku kawicaksanan. [11] Manawa ula
anggone nyakot sadurunge dijapa-mantrani,
tukang japa-mantra bakal ora oleh gawe.
[12] Tetembungan kang metu saka ing tutuke
wong wicaksana iku sedhep, nanging lambene
wong gemblung iku nguntal wong iku dhewe.
[13] Tembung kawitan kang metu saka ing
cangkeme iku goblog, sarta wekasane guneme
iku kabodhoan kang mbilaeni. [14] Wong bodho
iku akeh rembuge, sanadyan wong ora
sumurup apa kang bakal kelakon, lan sapa
ta kang bakal nyumurupake apa kang bakal
kelakon ing sapungkure? [15] Kangelane wong
bodho iku gawe sayahe wong iku dhewe,
amarga ora weruh dalan menyang kutha.
[16] Bilai kowe he nagara, manawa ratumu
bocah cilik lan para pemimpinmu esuk-esuk
wus pista! [17] Rahayu kowe he nagara, manawa
ratumu asale saka golongan pangarep, lan
para pemimpinmu padha mangan manawa
wus wayahe ing sajrone karosane ora ing
sajrone mendem. [18] Marga saka kesed, payon
ambleg, lan marga saka ora cekat-ceket

omah trocoh. [19] Supaya bisa ngguyu, wong
nganakake bujana, anggur gawe gambiraning
ngaurip sarta dhuwit njalari kabeh iku mau
bisa tumindak. [20] Sanadyan mung dibatin
bae aja nganti kowe ngipat-ipati ratu lan ana
ing kamar turu kowe aja ngipat-ipati wong
sugih, amarga manuk ing awang-awang uga
bisa nglantarake pangucapmu, lan kabeh
kang mawa swiwi bisa nglantarake apa kang
kokucapake.

Pandoming kawicaksanan

11:1-8

11 [1] Rotimu buwangen ing banyu,
let sawetara suwe bakal ketemu.
[2] Menehana panduman marang wong pitu,
malah marang wong wolu, amarga kowe ora
sumurup, kasangsaran apa kang bakal kelakon
ana ing bumi. [3] Manawa mendhung ngembeng
banyu udah, udah iku banjur diesokake ing
bumi; lan manawa ambruking wit iku mangidul
utawa mangalor, wit iku nuli tetep gumlimpang
ana ing panggonane ambruke. [4] Sing sapa
tansah nggatekakake angin ora bakal nyebar lan
sing sapa tansah mandeng marang mendhung
ora bakal ngundhuh-undhuh. [5] Kayadene
anggonmu ora sumurup marang lakuning
angin lan balung-balung ing guwa-garbaning
wong wadon kang ngandheg, samono uga
kowe ora sumurup marang pakaryaning Allah
kang nindakake samubarang kabeh. [6] Wijimu
sebaren ing wanci esuk, lan tanganmu aja

koklerenake ing wanci sore, awit kowe ora
sumurup, apa sing iki utawa sing iku kang
bakal oleh gawe, utawa apa loro-lorone iku
padha becik.
[7] Pepadhang iku nyenengake lan mandeng
srengenge iku apik kanggo mripat. [8] Mulane
manawa ana wong kang dawa umure,
cikben seneng-seneng ing sajroning kaanan
mangkono iku, nanging wong mau elinga
marang dina-dina kang peteng, awit iku akeh
cacahe. Samubarang kabeh kang teka iku
tanpa paedah.

Pitutur marang para wong anom

11:9--12:8

[9] Bungah-bungaha, heh wong anom, ing
sajrone anggonmu isih anom, atimu cikben
seneng ing wektu kowe isih anom lan turutana
pepenginaning atimu lan apa kang dadi
pakaremaning mripatmu, nanging sumurupa,
manawa marga saka iku kabeh kowe bakal
katarik dening Gusti Allah marang ing
pangadilan! [10] Mulane panggrantes buwangen
saka ing atimu lan edohna kasusahan saka
ing awakmu, amarga anom lan bangbang
wetaning ngaurip iku tanpa guna.
12 [1] Elinga marang kang nitahake kowe
ing sajrone isih anom, sadurunge
satekane dina-dina kang ala lan taun-taun,
kang kokkandhakake mangkene: “Ing nalika
iku aku ora duwe kasenengan!”, [2] yaiku
sadurunge srengenge lan pepadhang,

rembulan lan lintang-lintang dadi peteng,
sarta sawuse udah mendhunge padha bali
maneh, 3 ing nalika kang tunggu omah
padha gumeter lan wong-wong kang rosa
padha mbungkuk, tuwin para wong wadon
kang nggiling padha leren amarga cacahe
suda, sarta kang padha ndeleng saka ing
cendhela padha dadi lamur kabeh, 4 apamaneh
lawang-lawang ing sapinggiring dalan padha
mineb, swarane panggilingan dadi lirih,
swarane dadi kaya pangocehing manuk, tuwin
sakehing pasindhen wadon padha dadi lirih
swarane, 5 wong-wong uga padha dadi wedi
marang unggah-unggahan; lan ing dedalan
ana kang memedeni, wit saked akembang,
walange lakune ngrekasa kalawan nyeret
awake, tuwin kekarepan mangan ora kena
kagugah maneh -- amarga manungsa lunga
menyang ing omahe kang langgeng, apadene
para juru nangis padha kluyuran ana ing
dedalan, 6 sadurunge rante selaka kapedhot
lan damar emas kapecah, sadurunge klenthing
karemuk ana ing sacedhaking sumber sarta
kerekaning timba karusak ana ing sadhuwure
sumur, 7 apadene lebu bali dadi lemah kaya
ing sakawit lan roh bali marang ing ngarsaning
Allah kang maringake.

8 Banget anggone tanpa guna, mangkono
pangandikane Sang Kohelet, banget anggone
tanpa guna, samubarang kabeh iku tanpa
guna.

Panutup

12:9-14

9 Sang Kohelet iku kajaba kagungan
kawicaksanan, iya paring piwulang bab
kawruh marang umat. Panjenengane
nenimbang, nguji lan nganggit bebasan akeh.
10 Sang Kohelet ngangkah bisane manggih
tetembungan kang nyenengake lan nyerat
tetembungan bab kabeneran kalawan jujur.
11 Tembung-tembunge wong wicaksana iku
kayadene kawat eri lan keklumpukane tulisane
kaya paku-paku kang tumancep, pawewehe
sawijining pangon.

12 Sarta maneh, anakku, sing waspada!
Nganggit buku akeh iku ora ana uwise lan
sinau akeh iku gawe keseling awak. 13 Wasana
minangka pungkasane kang kapireng yaiku:
wedia marang Gusti Allah lan netepana
pepaken-pepakene, awit iki kuwajibane saben
wong. 14 Amarga Gusti Allah bakal masrahake
sabarang panggawe marang pangadilan, kang
ngadili samubarang kang samar, kang becik
lan kang ala.

MUSTHIKANING KIDUNG

1 [1] Musthikaning Kidung anggitane Sang Prabu Suleman.

Panganten putri lan para putri ing Yerusalem

1:2-8

Aku muga ingarasana kalawan pangarasing
lathine!
2 Amargi katresnan Paduka punika
nikmatipun nglangkungi anggur,
3 lisah Paduka wangi gandanipun,
asma Paduka kadya lisah ingesok,
milanipun para kenya sami tresna
dhumateng Paduka.
4 Kawula mugi Paduka gendeng ing
pengkeran Paduka,
sumangga sami enggal-enggal tindak!
Sang Prabu wus mbekta aku menyang ing
jero kadhatone.
Kawula sami badhe surak-surak lan
sukarena margi saking Paduka,
kawula sami badhe ngalembana sih
Paduka ingkang ngungkuli anggur!
Sampun samesthinipun sami tresna
dhumateng Paduka!
5 Dhuh para putri ing Yerusalem,
pancen pakulitanku ireng, nanging manis,
kadi kemahe bangsa Kedar,

lir klambu-klambune wong Salma.
6 Aja kokgatekake anggonku ireng,
amarga sumeleting surya nggesengake aku.
Putra-putrane ibuku padha muring-muring marang aku,
aku didadekake panjaga pakebonan anggur,
pakebonane anggurku dhewe ora dakopeni.
7 Dhuh gantilaning nalaningwang, kawula mugi Paduka wartosi,
wonten ing pundi anggen Paduka angen menda,
wonten ing pundi anggen Paduka mlegungaken pepanthan Paduka ing wanci dalu?
Awit punapaa dene kawula ngantos kados tiyang nglembara celak pepanthanipun menda mitra-mitra Paduka?
8 Dhuh wanita kang sulistya dhewe ana ing satengahe para wanita,
manawa kowe durung sumurup,
ngetutna tapak-tapake wedhus
lan angona cempe-cempemu
ing sacedhaking pakemahane para pangon.

Penganten kakung lan penganten putri alem-ingalem sesauran

1:9--2:7

9 -- Dhuh kekasihku, kowe sunupamakake
jarane wadon kareta
titihane Sang Prabu Pringon.
10 Pipimu katon endah ingapit rerenggan,
mangkono uga gulumu kang kinalungan.
11 Kowe arep dakyasakake rerenggan-
rerenggan emas
kalawan menuran selaka.
12 -- Sasuwene Sang Prabu lenggah dhahar,
naredku amrik gandane.
13 Kekasihku iku tumraping aku kaya mur
sabuntel,
sumelip ing antarane payudaraku.
14 Kekasihku iku tumraping aku kaya
kembang pacar sadhompol,
ing pakebonan anggur ing En-Gedhi.
15 -- Lah memanisku, kowe iku sulistya,
sanyata endah ing warna kowe iku,
mripatira pindha manuk dara.
16 -- Dhuh kekasih kawula, Paduka punika
bagus,
saestu nenarik manah,
pasarean kita punika saestu sakeca.
17 Griya kita punika balok-balokipun kajeng
eres,
gebyogipun kajeng eru.

2 1 -- Kawula punika sekar mawar saking
Saron,

sekar bakung ing lebak.
2 -- Memanisku iku ana ing satengahe para kenya
pindha kembang bakung ing satengahing eren.
3 -- Kekasihku iku ana ing satengahe para nom-noman
kaya wit apel ing satengahing wit-witan ing alas.
Aku kepengin lungguh ana ing ayome,
wohe legi tumrap ing cethakku.
4 Aku kinanthi lumebu ing papan pahargyan
lan tunggul kang ana ing dhuwurku iku tresna.
5 Bok aku kinuwatna srana panganan kismis,
sinegerna kalawan woh apel.
6 Amarga aku nandhang lara asmara.
Astane kiwa ana ing ngisoring sirahku,
astane tengen ngrangkul aku.
7 He, para putri ing Yerusalem, kowe padha sunsupatani,
demi kidang-kidang utawa menjangan wadon ing ara-ara;
kowe aja nggugah lan ngobahake katresnan, sadurunge dikarepake!

Ing korining penganten putri

2:8-17

8 Rungokna! Kekasihku!
Sawangen rawuhe,
mlumpat-mlumpat ing gunung-gunung,
mencolot-mencolot ing tengger-tengger!

9 Kekasihku iku kaya kidang,
utawa anak menjangan.
Delengen, panjenengane jumeneng
ing saburining tembok kita,
kambi ngungak-ungak liwat cendhela-cendhela
lan nginjen ing ruji-ruji.
10 Kekasihku wiwit ngandika marang aku:
"Tangia, memanisku,
mrenea, intenku!
11 Awitdene delengen, mangsa atis wis kliwat,
udane wis terang, lan wis kepungkur.
12 Ing pategalan wis katon kembang-kembang,
wis mangsane methik;
anggunge perkutut wis keprungu ana
ing tanah kita.
13 Wit anjir wiwit awoh,
lan kembanging wit anggur ngambar gandane.
Tangia, memanisku,
mrenea, intenku!
14 Manukku dara ana ing lowahan-lowahaning parang,
ana ing pandhelikan ing ereng-erenging gunung,
pamerna paraupanmu,
wetokna suwaramu;
amarga arum suwaramu,
lan endah warnamu!"
15 Aku padha cekelna asu wawar iku,
asu wawar kang cilik,

kang ngrusak pakebonan anggur,
pakebonan anggurku kang nedhenge
kembang!
16 Kekasihku iku darbekku lan aku iki
kagungane
kang ngengen wedhus ana ing satengahing
kembang bakung.
17 Sadurunge angin sore midid
lan ayang-ayang ilang
dhuh kekasih kawula,
Paduka mugi kersaa wangsul,
saha karsaa tumindak kados kidang
utawi kados anak sangsam
ingkang wonten ing redi-redi taneman
anggi-anggi!

Kang diimpi-impi penganten putri

3:1-5

3 1 Nuju ing wayah bengi aku nggoleki
gantilaning atiku ana ing paturonku.
Dakgoleki, nanging ora ketemu.
2 Aku arep tangi lan mubeng-mubeng ing
kutha
ing lurung-lurung lan ing alun-alun
Panjenengane dakgoleki,
gantilaning atiku iku.
Dakgoleki, nanging ora tinemu.
3 Aku kepethuk para wong rondha ing kutha.
“Punapa sampeyan sumerep ingkang
dados gantilaning manah kula?”
4 Lagi bae aku padha ungkur-ungkuran karo
para wong rondha mau,

aku ketemu karo gantilaning atiku;
banjur dakcandhak lan ora dakculculake,
nganti dakkanthi menyang ing daleme ibuku,
ing kamare kang nglairake aku.
5 He, para putri ing Yerusalem, kowe padha daksupatani;
demi kidang-kidang lan menjangan-menjangan ing ara-ara:
Kowe aja padha nggugah lan ngobahake katresnan
sadurunge dikarepake.

Arak-arakan penganten

3:6-11

6 Lah apa ta iku kang kumelun saka ing ara-ara samun
kaya kumebuling kukus
kasaput ing wangining mur lan menyan
lan uwur wangi warna-warna saka wong dagang?
7 Lah iku joli titihane Sang Prabu Suleman,
ginarebeg ing prawira sawidak,
saka panunggalane para prawira ing Israel.
8 Kabeh padha asikep pedhang,
lanteh ing perang,
kabeh padha nyengkelit pedhang,
marga saka pagirising wayah bengi.
9 Sang Prabu Suleman wus yasa tandhu
kayu ing Libanon.
10 Saka-sakane kang ginawe selaka,
sendhenane emas,

palenggahane warnane wungu,
ing jerone rinengga ing kayu areng.
He para putri ing Yerusalem,
11 para putri ing Sion, padha metua,
lan nyawanga marang Sang Prabu Suleman,
ngagem makutha, kang diagemake dening kang ibu
nalika dina pikramane,
ing dina sukarenane galihe.

Penganten kakung ngalembana penganten putri

4:1-15

4 1 Dhuh, memanisku, kowe iku sulistya,
sanyata endah warnamu iku!
Mripatmu katon lir manuk dara,
ana ing sangisoring kudhungmu.
Rambutmu pindha pepanthan wedhus
kang katon ngombak-ombak mudhun saka ing pagunungan Gilead.
2 Untumu kadi pepanthan wedhus gembel kang lagi bae kacukuran,
lan metu saka ing pangguyangan,
kang kabeh manak kembar
sarta ora ana kang ora duwe anak.
3 Lambemu lir pita jingga,
tutukmu endah.
Pilinganmu katon lir woh delima sinigar
ana ing sangisoring kudhungira.
4 Gulumu kadi menarane Sang Prabu Dawud,
kang binangun kanggo nyimpen gegaman,

tameng sewu cumanthel ana ing kono
sarta gadane para prawira kabeh.
5 Payudaramu pindha anak menjangan loro
utawa anak kidang kembar
kang lagi nyenggut ana ing satengahing
kembang bakung.
6 Sadurunge angin sore midid
lan ayang-ayang ngilang,
aku kepengin munggah menyang ing gunung
mur
lan ing pagunungan menyan.
7 Kowe iku sulistya banget, dhuh memanisku,
awakmu ora kadunungan cacad.
8 Mara tumuruna mrene saka ing gunung
Libanon, dhuh pengantenku,
mudhuna mrene saka ing gunung Libanon;
mudhuna saka ing pucake gunung Amana,
saka pucake gunung Senir lan gunung
Hermon,
saka guwa-guwaning singa,
lan pagunungan panggonaning macan
tutul!
9 Kowe gawe dheg-dhegane atiku, yayi,
pengantenku,
kalawan sakedhepaning mripatmu
kowe gawe dheg-dheganing atiku
sarta kalawan kalung ing gulumu saoncen.
10 Pancen nyata nikmat tresnamu,
dhuh yayi, pengantenku.
Tresnamu iku nikmate ngluwihi anggur,
lan aruming lengamu ngluwihi sawarnaning
anggi-anggi.

11 Madu murni tumetes saka ing lambemu, pengantenku,
madu lan susu ana ing sangisoring ilatmu,
lan gandaning sandhanganmu iku
pindha gandaning gunung Libanon.
12 Yayi, pengantenku, kowe iku pakebonan kang tinutup,
pakebonan kang tinutup
lan tuking banyu kang sinegel.
13 Trubusan-trubusanmu iku pakebonan wit delima,
kang enak wohe,
kembang pacar lan nared,
14 nared lan kunir, tebu lan manis jangan,
sarta sawernaning wit menyan,
mur lan gaharu,
apadene sarupaning anggi-anggi pilihan.
15 Dhuh, tuking banyu ing pakebonan,
sumbering banyu urip,
kang mili saka ing gunung Libanon!

Penganten sakaliyan padha sapa-sinapa

4:16--5:1

16 -- He angin lor, he angin kidul, tangia lan mrenea,
midida ing pakebonanku supaya gandane anggi-anggi ngambar!
Muga-muga kekasihku rawuha ing pakebonane
lan dhahar woh-wohan kang enak.

5 1 Yayi, pengantenku, aku teka ing pakebonanku,

ngumpulake mur lan anggi-anggiku,
dakpangan tala lan maduku,
dakombe anggur lan puwanku.
Para mitra, mangana lan ngombea,
ngombea nganti mendem tresna!

Kangene penganten putri

5:2-8

2 Aku turu, nanging atiku melek.
Rungokna, kekasihku thothok-thothok.
"Wenganana kori, yayi, memanisku,
manuk daraku, idham-idhamanku,
amarga sirahku klebes ebun,
lan rambutku kebak tetesing ebun bengi!"
3 "Kawula sampun cucul rasukan,
punapa kawula badhe dandan malih?
Kawula sampun mijiki suku kawula,
punapa badhe kawula damel reged malih?"
4 Kekasihku nuli nglebetake astane metu bolonganing kori,
atiku temah dheg-dhegan.
5 Aku tangi ngwengani kori kekasihku,
tanganku netesake mur,
drijiku netesake mur cuwer,
ing gocekaning kancingan lawang.
6 Kekasihku dakwengani lawang,
nanging kekasihku wis mengker, ngical.
Kaya semaput-semaputa aku bareng Panjenengane ngical.
Panjenengane daklari, nanging ora tinemu,
dakaturi, nanging ora paring wangsulan.

7 Wong rondha ing kutha bareng padha
kepethuk aku,
aku dipenthungi, ditatoni,
rimongku direbut
dening wong kang jaga balowarti.
8 He, para putri ing Yerusalem, kowe padha
daksupatani:
manawa kowe kapethuk kekasihku,
apa kang arep kokaturake marang
Panjenengane?
Aturna, yen aku nandhang brangta!

Penganten putri ngalembana penganten kakung ana ing ngarepe para putri ing Yerusalem

5:9--6:3

9 -- He wong sulistya ing satengahe para
wanita,
apa kaceke kekasihmu karo kekasih liyane,
dene aku nganti koksupatani mangkene?
10 -- Kekasihku iku putih menthur lan abang
sumringah,
katon dhewe ana ing antarane wong
puluhan ewon.
11 Mustakane kaya kancana, kancana murni,
remane ngandhan-andhan,
ireng kaya gagak.
12 Tingale kaya manuk dara ana ing pinggir
kali,
siram ing puwan lan lenggah ana ing
blumbang kang peres.
13 Pangarasane kaya bedhengan anggi-anggi,

godhag-godhaganing akar wangi.
Lathine kaya bakung,
kang netesake mur ajer.
14 Astane giligan kancana,
rinengga ing sesotya Tarsis,
saririne pindha gadhing ingukir,
tinretes ing watu nilam.
15 Sampeyane iku saka marmer putih,
tumumpang ing dhasar kancana murni.
Saririne kadya gunung Libanon,
pinilih kaya wit anjir.
16 Pangandikane tuhu manis,
sapari-polahe ngresepake,
kaya mangkono iku kekasihku,
iya kaya mangkono iku,
he para putri ing Yerusalem!

6 1 -- Menyang ngendi tindake kekasihmu,
he, wong sulistya ing satengahe para wanita?
Menyang ngendi enering tindake kekasihmu,
aku arep padha ngrewangi kowe nggoleki.
2 -- Kekasihku tedhak menyang ing pakebonan,
ing bedheng-bedhenging anggi-anggi,
ngengen wedhuse ana ing pakebonan
lan methiki kembang bakung.
3 Aku iki kagungane kekasihku,
lan kekasihku iku darbekku,
kang angen wedhus gembel ana ing satengahing kembang bakung.

Penganten kakung ngalembana penganten putri

6:4--7:5

4 Kowe iku endah ing warna, dhuh memanisku, kaya kutha Tirza,
edi-endah kaya kutha Yerusalem,
ngebat-ebati kaya balatantra kalawan tunggule.
5 Mripatmu engokna saka aku,
amarga aku dadi ngleleng marga saka iku.
Rambutmu pindha pepanthan wedhus,
kang tumurun ngombak-ombak saka ing gunung Gilead.
6 Untumu kadya pepanthan wedhus gembel,
kang jumedhul saka pangguyangan,
kabeh padha manak kembar,
ora ana kang ora duwe anak.
7 Pilinganmu kaya woh dlima sinigar,
ana ing ngisoring kudhungmu.
8 Prameswarine ana sewidak,
ampile wolung puluh,
lan para kenya tanpa wilangan cacahe.
9 Nanging mung dheweke kang dadi manukku dara, idham-idhamanku,
putrane ibune kang ora ana tunggale,
kang kinasihan dening kang nglairake,
para putri padha ndeleng lan ngarani begja,
para prameswari lan para ampil padha ngalembana.

10 “Sapa kae kang jumedhul kadya bangbang wetan,
endah lir wulan purnama,
sumunar kaya surya,
ngebat-ebati kaya balatantra kalawan tunggule?”
11 Aku mudhun menyang pakebonan kenari,
ndeleng kuncup-kuncup ing lebak,
niliki apa wite anggur wus kuncup
lan wit-wite dlima apa wis kembang.
12 Aku ora eling,
kangenku nglungguhake aku ana ing karetane wong luhur.
13 Dhuh prawan Sulam, balia, balia,
balia, balia, supaya aku padha bisa nyawang kowe.
Kena apa kowe seneng nyawang prawan Sulam iku
kaya nonton beksan perang?

7 1 Dhuh putri kang luhur ing budi,
iba endahe lakumu karo nganggo sandhal iku,
solahing cethikmu kaya rerenggan,
gegaweaning tangane seniman.
2 Pusermu pindha bundering bokor,
kang tan lukak isi anggur cinampur.
Padharanmu kaya gandum tinumpuk,
kinubengan ing kembang bakung.
3 Payudaramu lir anak menjangan loro,
kadya anak kidang kembar.
4 Gulumu pindha menara gadhing,
mripatmu kadi telaga ing Hesybon,
cedhak gapura Batrabim;

irungmu kaya menara ing Libanon,
kang madhep marang ing kutha Damsyik.
5 Sirahmu kadi gunung Karmel,
rambuting sirahmu wungu semu abang;
sawijining ratu kecanthol ing klabangane.

Manising tresna

7:6--8:4

6 Kowe iku sulistya lan endah banget warnamu,
heh kang kinasihan ana ing satengahing kang gawe seneng.
7 Wanguning awakmu kadi wit kurma,
lan payudaramu pindha dhompolane.
8 Tembungku: "Aku kepengin menek ing wit kurma iku,
lan nyekel dhompolan-dhompolane.
Payudaramu kaya dhompolan anggur,
lan napasing irungmu lir woh apel.
9 Tembung-tembungmu manis kaya anggur!"
Anggur iku malah mili marang ing kekasihku tanpa leren,
luber marang ing lambening wong-wong kang lagi padha turu!
10 Aku iki duweke kekasihku,
kayungyunne tumuju marang aku.
11 Dhuh kekasih kawula,
sumangga sami ameng-ameng dhateng ara-ara, nyare wonten ing satengahing sekar pacar!
12 Sumangga, sami ameng-ameng dhateng ing

pakebonan anggur ing wanci umun-umun,
lan mirsani punapa witipun anggur sampun
medal kuncupipun,
punapa sekaripun sampun mekar,
wit-witanipun dlima punapa sampun sekar!
Wonten ing ngriku kawula badhe ngesokaken
katresnan kawula dhumateng Paduka!
13 Gandanipun woh dhudhaim ngambar,
sacelaking kori kita wonten woh-wohan
maneka warni ingkang eca,
ingkang sampun dangu lan ingkang saweg
kemawon kapethik.
Punika sampun kawula simpen kagem
paduka,
dhuh kekasih kawula!

8 1 O, saupami paduka punika sadherek
kawula jaler,
ingkang nesep ing payudaranipun ibu
kawula,
temtu badhe kawula aras,
manawi kepanggih wonten ing jawi,
amargi boten wonten tiyang ingkang
badhe ngremehaken kawula!
2 Paduka badhe kawula kanthi lan kawula
dherekaken
dhateng griyanipun ibu kawula, supados
Paduka memulang dhumateng kawula.
Paduka badhe kawula caosi anggur ingkang
arum manawi kaunjuk,
duduhing wohipun dlima kawula.
3 Astane kang kiwa nyangga sirahku,
astane tengen ngrangkul aku.
4 He para putri ing Yerusalem,

kowe padha daksupatani,
kena apa kowe padha nggugah lan ngobahake
katresnan sadurunge dikarepake?

Katresnan iku santosa kayadene pati

8:5-7

5 Sapa kae kang jumedhul saka ing ara-ara samun,
kang lendheh-lendheh ing kekasihe?
Kowe dakgugah ana ing sangisoring wit apel,
ana ing kono anggone ibumu ngandhut kowe,
ana ing kono anggone ibumu ngandheg lan nglairake kowe.
6 -- Kawula mugi Paduka prenahaken wonten ing panggalih paduka,
kados cap wonten ing asta Paduka,
amargi katresnan punika santosa kadosdene pejah,
asmara punika mempengipun kadya jagading pejah,
mulad-muladipun kados urubing latu,
kados mulad-mulading latunipun Sang Yehuwah!
7 Toya agung boten saged nyirep tresna,
lepen-lepen boten saged ngentiraken.
Saupami wonten tiyang ingkang ndanakaken sakathahing barang-darbekipun ingkang wonten ing griyanipun kadamel nebus katresnan,

temtu namung badhe karemehaken
kemawon.

Penganten putri lan rayine

8:8-10

8 Aku padha duwe adhi wadon,
kang durung katon payudarane.
Apa kang wajib daktindakake tumrap adhiku wadon,
yen tumeka ing dinane linamar?
9 Saupama temboka,
bakal dakdokoki payon salaka ing dhuwure,
saupama lawanga,
bakal daketrapi palang kayu eres.
10 -- Aku iki tembok,
lan payudaraku kaya menara.
Ana ing paningale wektu iku
aku kaya wong kang wus oleh kabegjan.

Luwih begja tinimbang Sang Prabu Suleman

8:11-12

11 Sang Prabu Suleman kagungan pakebonan anggur ana ing Baal-Hamon.
Pakebonan anggur iku dipasrahake marang wong kang padha rumeksa,
minangka oleh-olehane siji-sijine ngaturake dhuwit salaka sewu.
12 Pakebonan anggur kawula, gadhahan kawula piyambak,

wonten ing ngarsa paduka,
kagem panjenengan dalem arta sewu punika,
dhuh Sang Prabu Suleman,
lan ingkang kalih atus kangge tiyang-tiyang ingkang ngrimati wohipun.

Penganten sekaliyan wawan sabda

8:13-14

13 -- Heh kang manggon ana ing taman,
kanca-kanca padha nggatekake swaramu,
aku iya rungonana!
14 -- Dhuh kekasih kawula,
Paduka mugi enggal karsaa tumindak kadosdene kidang,
utawi kadosdene anak sangsam
wonten ing redi-redi taneman anggi-anggi.

YESAYA

BAB 1-39: PERANGAN KAPISAN

BAB 1-12 PAMEDHAR WANGSIT

BAB YEHUDA LAN YERUSALEM

Wosing isine

1:1-1

1 [1] Wahyu kang tiningalan dening Nabi
Yesaya putrane Sang Amos bab Yehuda lan
Yerusalem nalika jamane Sang Prabu Uzia,
Yotam, Akhas lan Sang Prabu Hizkia, para ratu
ing Yehuda.

Pangresula bab bangsa kang ora setya iku

1:2-9

[2] Rungokna, he langit, lan gatekna, he bumi,
sabab Pangeran Yehuwah ngandika:
"Ingsun wus ngagengake putra-putra lan iku
wus Sungulawenthah
nanging padha mbalela marang Ingsun.
[3] Sapi wanuh marang kang duwe
nanging Israel ora;
kuldi sumurup marang pamakanan kang
kasedhiyakake dening bendarane,

nanging umatingSun ora mangreti.”
4 Bilai bangsa kang dosa,
golongan kang kabotan duraka
turune wong ala,
bocah-bocah kang tumindak ora becik!
Iku padha ninggal Sang Yehuwah,
padha ngala-ala marang kang Mahasuci,
Gusti Allahe Israel,
tuwin ngungkurake Panjenengane.
5 Kowe kepengin digitiki maneh ing ngendi,
kowe kang padha mbangetake
pamurtadmu?
Sirahe wus lara kabeh,
lan atine wus lungkrah lesu kabeh.
6 Wiwit ing tlapakan tumeka ing sirah
ora ana kang waras,
abuh lan babak-belur sarta tatu anyar,
ora diplothoti lan ora diblebedi,
tuwin ora dilengani.
7 Nagaramu dani sepi mamring,
kutha-kuthamu padha kobong nganti
entek;
pametuning bumimu diapngan ing bangsa
liya ana ing ngarepmu.
Sepi mamring nagara iku kayadene
dibosah-basihake dening bangsa liya.
8 Putri ing Sion kari ijen,
kayadene gubug ing pakebonan anggur
kaya cakruk ing kebon timun
lan kaya kutha kang kinepung.
9 Saupama Pangeran Yehuwah Gustining
sarwa tumitah

ora ngarekake sathithik kanggo kita wong
kang padha oncat,
kita wus padha kaya Sodom
lan padha kaya Gomora.

Mratobat iku luwih becik katimbang karo caos kurban

1:10-20

10 Rungokna pangandikane Sang Yehuwah,
he para panggedhene Sodom!
Gatekna piwulange Allah kita,
he rakyat Gomora!
11 “Kanggo apa kurbanira kang akeh iku?”
mangkono pangandikane Sang Yehuwah,
“Ingsun wus jeleh marng kurban obaran
kang awujud wedhus gembel lanang lan
marang gajihe pedhet lemon;
getihe sapi lanang lan wedhus gembel
sarta wedhus lanang ora Sunrenani.
12 Manawa sira padha sowan marang ing
ngarsaningSun
sapa kang ngudokake sira mangkono,
dene sira padha ngidak-idak platarane
Padaleman SuciningSun?
13 Sira aja padha nyaosake maneh
pisungsungira kang lamis
amarga gandane gawe enegingSun.
Manawa sira padha mahargya tanggal
sapisan lan sabat
utawa nganakake kumpulan-kumpulan,
Ingsun ora tahan mirsani,
awit pahargyanira iku kebak piala.

14 Pahargyan-pahargyanira sasi anyar
lan kumpulan-kumpulanira kang ajeg
iku Ingsun sengit mirsani;
kabeh iku dadi momotan tumrap Ingsun,
Ingsun wus sayah anggoningSun ngrembat.
15 Manawa sira padha ngegarake tanganira
prelu ndedonga,
Ingsun bakal nasabi paningalingSun,
malah sanadyan sira ndedonga mawali-wali
Ingsun ora bakal midhangetake
awit tanganira kebak getih.
16 Padha wisuha, resikana awakira,
edohna panggawenira kang ala
saka ing ngarsane paningalingSun.
Marenana anggonira gawe piala,
17 padha sinaua gawe becik
ngudia marang kaadilan,
ngendhalenana wong kang ambek siya;
mbelanana hake para bocah lola,
ngembanana prakarane para randha!
18 Ayo, kita padha prakaran!
-- mangkono pangandikane Sang Yehuwah
--
Sanadyan dosanira abang kaya gluga,
bakal dadi putih kaya salju;
sanadyan rupane abang kaya jarit sumba
bakal padha dadi putih kaya wulu wedhus
gembel.
19 Manawa sira padha mbangun miturut lan
gelem ngrungokake,
sira bakal padha mangan wuluwetuning
nagara iku kang becik.

20 Nanging manawa sira padha nglawan lan
mbalela
sira bakal padha kamangsa ing pedhang."
Sanyata iki pangandikane Sang Yehuwah.

Paukuman tumrap Yerusalem

1:21-31

21 Kapriye iki, dene kutha kang biyen setya
saiki dadi wanita tunasusila!
Maune kebak kaadilan
lan tansah kanggonan kabeneran,
nanging saiki kebak wong gawe pepati.
22 Salakamu wus ora tulen maneh,
lan anggurmu wus kecampuran banyu.
23 Para panggedhemu iku padha wong
mbalela,
lan padha sekuthon karo maling.
Kabeh padha seneng tampa besel
lan mburu sogok.
Ora padha mbelani hake para bocah lola
lan prakarane para randha
ora lumadi marang wong-wong mau.
24 Mulane mangkene pangandikane
Pangeran,
Sang Yehuwah, Gustine sarwa tumitah,
kang Maha-santosa, Pangayomaning
Israel:
"Lah Ingsun bakal nandukake pamalesingSun
marang para wong kang nglawan
marang Ingsun
lan nandukake piwales marang para
mungsuhingSun.

25 AstaningSun bakal nglawan marang sira
Ingsun bakal damel tulening salakanira
kalawan landha,
sarta bakal nyingkirake sakehing timah
saka ing sira.
26 Ingsun bakal mangsulake para hakimira
kaya biyen
lan para penasehatira kaya ing sakawit.
Sawuse mangkono sira bakal kasebut kutha
kaadilan,
kutha kang setya.”
27 Sira bakal Sunluwari kalawan pangadilan
lan para wonge kang mratobat bakal
Sunluwari kalawan patrap kang bener.
28 Nanging para wong kang mbalela lan para
wong kang nglakoni dosa
bakal kasirnakake bebarengan
sarta para wong kang ninggal Sang
Yehuwah bakal padha katumpes.
29 Sanyata, sira bakal padha kawirangan
marga saka wit-wit elah
kang padha sira dhemeni,
tuwin sira bakal padha kawirangan marga
saka taman-tamaning dewa
kang padha sira pilih.
30 Amarga sira bakal padha kaya wit elah
kang alum godhonge,
lan kaya pakebonan kang kekurangan
banyu.
31 Wong kang rosa banjur dadi kaya kapas
lan panggawene dadi kaya geni sapelik;
karo-karone bakal padha kobong bareng
sarta ora ana wong kang bisa nyirep.

Sion pusere karajaning katentreman

2:1-5

2 1 Pangandika kang kaparingake marang
Yesaya putrane Sang Amos bab Yehuda lan
Yerusalem.
2 Ing wekasane jaman bakal kelakon:
gunung papan padalemane Sang Yehuwah
bakal ngadeg jejeg ing sadhuwure
gunung-gunung
lan munggul ing sadhuwure tengger-
tengger;
sakehing bangsa bakal gumrudug mrana
3 lan para suku bangsa akeh kang bakal
padha budhalan kalawan ngucap
mangkene:
“Ayo, kita padha munggah ing gununge Sang
Yehuwah,
menyang ing padalemane Allahe Rama
Yakub,
supaya Panjenengane paring piwulang
marang kita bab margi-margine
lan supaya kita padha lumaku ing kono;
amarga saka ing Sion bakal kaparingake
piwulang
lan pangandikane Sang Yehuwah saka ing
Yerusalem.”
4 Panjenengane bakal dadi hakim ana ing
antarane para bangsa
lan bakal ngadili suku bangsa akeh;
iku banjur bakal padha nggembleng
pedhang-pedhange kadadekake kejen

sarta tumbak-tumbake kadadekake arit.
Bangsa kang siji ora bakal ngangkat
pedhange maneh nglawan bangsa sijine
tuwin ora bakal nggladhi perang maneh.
5 He golongan tedhake Rama Yakub
ayo kita padha lumaku
ing pepadhange Sang Yehuwah!

Paukumane Pangeran Yehuwah tumrap kabeh wong kang kumaluhur-luhur

2:6-22

6 Sanyata Paduka sampun mbucal umat
Paduka
inggih punika golongan tedhakipun Rama
Yakub
amargi wonten ing pundi-pundi sami
nindakaken panenungan kadosdene
ingkang tumindak ing tanah Wetan
saha sikir kados tiyang Filisti,
tuwin kekathahen tiyang bangsa sanes
ingkang wonten ing satengahipun.
7 Nagarinipun kebak emas tuwin salaka saha
raja-brananipun tanpa wicalan;
nagarinipun kebak kapal
sarta kretanipun tanpa wicalan.
8 Nagaranipun kebak brahala;
tiyang-tiyang wau sami sujud nyembah
dhateng dedamelaning tanganipun
piyambak
lan dhateng ingkang dipun garap dening
tanganipun.

9 Kados makaten anggenipun manungsa
dipun telukaken
saha anggenipun tiyang kaesoraken
-- tiyang-tiyang wau mugi sampun
kaapunten!
10 Lumebua ing sela-selaning gunung parang
lan ndhelika ing rong ing sajroning lemah
marga saka pagirise Sang Yehuwah
sarta marga saka cahyaning kamulyane!
11 Manungsa kang gumunggung bakal
kaesorake
lan wong kang angkuh bakal
kadhingklukake,
sarta mung Pangeran Yehuwah kang
mahaluhur ing dina iku.
12 Amarga Sang Yehuwah Gustine sarwa
tumitah
nemtokake dinane anggone bakal ngukum
sakehe wong kang kumalungkung lan
angkuh
sarta ngukum marang sakehing wong
kang kumaluhur-luhur, prelu kaesorake;
13 ngukum sakehing wit eres ing Libanon
kang tuwuh mandhuwur lan tetep
munggul,
tuwin ngukum sakehing wit elah ing
Basan;
14 sarta ngukum gunung kang dhuwur-
dhuwur
lan sakehing tengger kang munggul;
15 ngukum sakehe menara kang dhuwur-
dhuwur
lan sakehe baluwarti kang disantosani;

16 ngukum sakehe kapal ing Tarsis
tuwin sakehe kapal kang endah dhewe.
17 Manungsa kang gumunggung bakal padha kadhingklukake
lan wong kang angkuh bakal padha diesorake;
amung Pangeran Yehuwah kang mahaluhur ing dina iku.
18 Dene brahala-brahala
bakal sirna babar pisan.
19 Ing kono wong bakal lumebu ing guwa-guwa ing gunung parang
lan ing rong-rong ing sajroning lemah,
marga saka pagirising Yehuwah
tuwin marga saka cahyaning kamulyane,
ing nalika Panjenengane tumindak damel getering bumi.
20 Ing dina iku brahala-brahala salaka lan brahala-brahala emas
gegaweaning manungsa kang disujudi lan disembah
bakal kabuwang kanggo marang tikus lan lawa,
21 lan wong mau bakal lumebu ing growongan-growonganing gunung parang
tuwin ing sela-selaning tetengger watu
marga saka pagirising Sang Yehuwah
lan marga saka cahyaning kamulyane;
ing nalika Panjenengane jumeneng damel getering bumi.
22 Aja padha ngandelake marang manungsa,
awit iku ora ngluwihi wetuning napas

lan wong iku banjur kena dianggep
kayadene apa?

Paukumane Pangeran Yehuwah marang wong kang padha nasarake bangsa iku

3:1-15

3 1 Pangeran, Sang Yehuwah Gustine sarwa tumitah
sanyata bakal ngedohake saka Yerusalem lan Yehuda
saben wong kang padha dadi andel-andele,
sakehe tandhon pangan lan omben-omben:
2 Wong prawira lan prajurit,
hakim lan nabi,
juru tenung lan pinituwa,
3 paneket lan panggedhe,
penasehat lan ahli sikir,
sarta juru japa-mantra.
4 Ingsun bakal ngangkat para nom-noman Sundadekake pemimpine,
lan bocah-bocah kang bakal padha ngereh.
5 Bangsa iku banjur bakal dhesek-dhesekan
wong padha lawan-linawan,
kang siji nglawan marang sijine;
wong enom bakal mampang-mampang marang wong tuwa,
wong asor marang wong kang kajen keringan.
6 Nganti manawa ana wong kang nggujengi sadulure ana ing omahe bapakne kalawan celathu:

“Panjenengan taksih kagungan jubah, mila
karsaa dados pemimpin kula sadaya
saha jugrugan punika lajeng
kakuwaosana,”
7 ing nalika iku sadulure nuli bakal mangsuli:
“Aku emoh dadi dhokter;
ing omahku ora ana roti lan ora ana jubah;
aja ngangkat aku dadi pemimpin bangsa.”
8 Yerusalem sanyata wus ambruk
lan Yehuda wus rubuh,
amarga tembung-tembunge lan panggawene
nglawan marang Sang Yehuwah
sarta padha nantng marang tingale kang
mulya.
9 Pasemoning raine mratelakake pialane
lan kayadene wong Sodom, padha
ngeblakakake dosane,
ora didhelikake maneh.
Bilai wong-wong iku!
Amarga padha gawe cilakane awake
dhewe.
10 Pratelakna manawa wong bener iku
rahayu!
Amarga bakal mangan wohing
panggawene.
11 Bilai wong duraka iku! Bakal katempuh ing
bilai,
amarga bakal dietrapi manut panggawene
dhewe.
12 Anadene umatingSun, kang nyekel
pangwasane bocah-bocah,
lan bakal kaereh ing para wong wadon.

He umatingSun, para pemimpinira iku padha nasarake sira,
lan dalan padha sira ambah iku dikisruhake!
13 Pangeran Yehuwah bakal lenggah ngasta pangadilan
lan jumeneng prelu ngadili para bangsa.
14 Pangeran Yehuwah tumindak dadi hakim
tumrap para pinituwa lan para pemimpining umate:
“Sira kang padha ngrusak kebon anggur iku,
barang rayahan saka wong kang katindhes
ana ing omahira tumpuk-tumpuk.
15 Yagene sira padha niksa umatingSun
lan nganiaya para wong kang katindhes?”
mangkono pangandikane Gusti Allah, Gustine sarwa tumitah.

Paukumane Sang Yehuwah tumrap para wanita ing Sion kang kumalungkung

3:16--4:1

16 Pangeran Yehuwah ngandika:
Sarehne wanita ing Sion wus padha gumunggung
lan padha lumaku kalawan langak-langak gulune
tuwin kalawan main mata,
sarta lakune digawe-gawe
kalawan gelange sikil kang kumrincing,
17 mulane Pangeran bakal ndadosake
sirahe wanita Sion padha kebak borok

tuwin Pangeran Yehuwah bakal nyukur
rambute ing sisihing bathuke.
18 Ing nalika iku Pangeran bakal nyingkirake
sakehing rerenggane: gelang sikil, jamang
lan rembulanan, 19 rerenggan kuping, gelang
tangan tuwin kudhung, 20 rerenggan sirah,
gelang rante sikil, pending, wadhah wewangen
lan jimat-jimat; 21 ali-ali cap lan anting-anting
irung; 22 sandhangan pesta, jubah, slendhang
lan tas; 23 pengilon, kotang lena, sreban lan
klambi njaba.

24 Ing kono geganda arum bakal disalini kang bacin,
pending bakal disalini tali,
rambut klabangan disalini gundhul,
sandhangan pesta disalini bagor
rupa ayu disalini cacad.
25 Wong-wongira bakal padha tiwas dening pedhang,
lan para pahlawanira marga perang.
26 Gapura-gapurane Sion bakal sambat-sambat lan prihatin,
sarta kutha iku bakal kaya wong wadon plonthos
kang nglosot ing bumi.

4 1 Ing wektu iku ana wong wadon pitu kang
padha nggondheli wong lanang siji, sarta
celathu: “Kula sami badhe nedha tetedhan
lan mangangge sandhangan kula piyambak;
nanging keparenga kula namung ngangge
asma panjenengan; panjenengan mugi karsa
ngicali kawirangan kula sadaya!”

Yerusalem kasucekake lan kaayoman

4:2-6

2 Ing nalika iku trubusan kang dithukulake
dening Sang Yehuwah bakal dadi kaendahan
lan kamulyan, lan pametuning bumi dadi
kaagungan lan kamulyan tumrap para wong
Israel kang padha bisa oncat. 3 Lan wong
kekarene ing Sion tuwin kang isih ana
ing Yerusalem bakal kasebut suci yaiku
saben wong ing Yerusalem kang katulisan
bakal oleh urip, 4 samangsa Pangeran wus
ngresiki reregede putri Sion lan ngicali
blentong-blentonge Yerusalem saka ing
satengeha kalawan roh kang ngadili lan
kang ngobong. 5 Ing kono Sang Yehuwah
banjur bakal nganakake mega ing wayah
awan lan mega kalawan sunaring geni kang
murub makantar-kantar ing wayah bengi
ing sadhuwure wilayahe gunung Sion kabeh
tuwin ing sadhuwure saben kumpulan kang
dianakake ing kono, amarga ing sadhuwure
iku kabeh bakal ana kamulyaning Yehuwah
minangka pepayung 6 sarta minangka
pamondhokan papaning pangauban ing wayah
awan supaya ora kena ing sumeleting panas
sarta dadi papan pangungsen lan pandhelikan
ing mangsa prahara lan udan.

Kekidungan bab pakebonan anggur

5:1-7

5 1 Aku arep ngrepekake kidung bab kekasihku,
kidunge kekasihku bab pakebonane anggur:
Kekasihku iku kagungan pakebonan anggur
ana ing ereng-erenging pagunungan kang subur.
2 Iku dipaculi lan watu-watune dibuwangi,
nuli ditanduri wit anggur pilihan;
banjur diadegi panggungan pajagan ana ing tengahe pakebonan mau.
Panjenengane tumuli damel jogangan pameresan anggur;
sarta ngajeng-ajeng supaya pakebonan iku metokake woh anggur kang becik,
nanging jebul metokake woh anggur kang kecut.
3 Mulane saiki, he pendhudhuk Yerusalem,
lan para wong Yehuda,
padha ngadilana prakaraningSun kalawan pakebonaningSun anggur iku.
4 Apa maneh ta kang kudu katindakake tumrap pakebonaningSun anggur iku,
kang durung Sunlakoni?
Ingsun ngajeng-ajeng supaya metokna woh anggur kang becik,
yuagene dene mung metokake woh anggur kang kecut?

5 Awit saka iku Ingsun bakal paring sumurup
marang sira,
apa kang bakal Suntandukake marang
pakebonaningSun anggur iku:
Ingsun bakal mecoki pagere eri,
satemah pakebonan iku entek kapangan,
lan temboke bakal Sunjugrugake
satemah pakebonan iku kaidak-idak.
6 Bakal Sundamel supaya kathukulan ing
rerungkudan,
ora dipaprasi lan ora dibabadi,
satemah kathukulan piskucing lan suket;
Ingsun bakal paring dhawuh marang
mendhung,
supaya aja nurunake udan marang
pakebonan iku.
7 Amarga pakebonane anggur Sang Yehuwah
Gustine sarwa tumitah
iku turune Israel,
lan para wong Yehuda
iku tetanduran kang diremeni;
kang diajeng-ajeng kaadilan,
nanging kang ana mung tindak ambek
siya,
kang diantos-antos kabeneran
nanging kang ana mung kaonaran.

Pepenget bab piala warna-warna

5:8-24

8 Bilai wong kang ndhaku omah siji lan sijine
sarta kang ngebeki pategalan siji lan sijine,

nganti ora ana papan maneh kanggo wong
liya
tuwin mung kowe dhewe kang manggon
ing nagara kono!
9 Kupingku krungu pangandikane Sang
Yehuwah Gustine sarwa tumitah:
“Lah bakal akeh omah kang dadi sepi
mamring;
omah kang gedhe-gedhe lan kang becik-becik
bakal ora ana kang ngenggoni.
10 Sabab pakebonan anggur kang ambane
padha karo wlukon sapuluh dina
pametune anggur mung sa-bat;
tuwin winih sa-homer
pametune gandum mung sa-efa.”
11 Bilai para wong kang tangi esuk
lan banjur golek inuman keras,
sarta lelinggihan nganti ing wayah bengi,
kanthi ngangetake awake kalawan anggur!
12 Clempung lan slukat, trebang lan suling,
apadene anggur tinemu ana ing
pajagongane wong-wong mau,
nanging ora padha nggatekake marang apa
kang katindakake Sang Yehuwah,
sarta ora mawas marang pakaryane Sang
Yehuwah.
13 Mulane umatingSun bakal kagawa marang
ing pambuwangan
awit ora ngreti apa-apa;
wong kang mulya bakal padha mati kaliren,
tuwin wong akeh bakal padha kasatan.
14 Awit saka iku jagading wong mati bakal
ngangapake gorokane amba banget

lan bakal ngangapake cangkeme tanpa
wangenan,
satemah sakehe kamulyan lan karameane
Yerusalem,
sakehe swara gumerah tuwin para wog
kang suka-suka ana ing kutha kono
bakal padha sirna ambles.
15 Manungsa banjur bakal kadhingklukake,
lan wong bakal kaesorake,
para wong gumunggung uga kaesorake.
16 Nanging Sang Yehuwah Gustine sarwa
tumitah bakal kacetha anggone
mahaluhur ing sajrone kaadilane,
lan gusti Allah Kang Mahasuci
bakal ngatingalake kasucene ing sajroning
kabenerane.
17 Wedhus gembel bakal padha nyenggut ing
kono kaya ana ing pangonane dhewe
tuwin wedhus-wedhus bakal padha golek
pangan ana ing jugrugane
gedhong-gedhonge wong sugih.
18 Bilai para wong kang mancing kaluputan
kalawan talining kadursilan
lan dosa kaya nganggo kendharating
grobag,
19 kang ngucap: “Gusti Allah dimen age-age
lan enggal-enggal nindakake pakaryane,
supaya kita padha sumurup;
sarta karampungane Kang Mahasuci,
Gusti Allah Israel,
dimen teka nyedhak,
supaya kita padha weruh.”

20 Bilai para wong kang ngarani piala iku becik
lan kabecikan iku ala,
kang ngowahi pepeteng dadi pepadhang
lan pepadhang dadi pepeteng,
kang ngowahi pait dadi legi,
lan legi dadi pait.
21 Bilai para wong kang nganggep awake dhewe wicaksana,
kang nganggep awake dhewe pinter!
22 Bilai para wong kang dadi jago ngombe inuman keras
kang dadi pemenang ing bab nyampur inuman keras;
23 kang mbenerake wong duraka marga dibeseli
lan kang nyelaki wewenange wong bener.
24 Sabab iku kaya ilat geni kang mangsa dami,
lan kaya suket aking kang sirna dening geni,
kaya mangkono oyod-oyode bakal dadi bosok,
tuwin kuncupe bakal mawut kaya awu,
amarga wong-wong mau wus padha nampik
piwulange Sang Yehuwah Gustine sarwa tumitah
sarta memada marang pangandikane Kang Mahasuci, Gusti Allahe Israel.

Bangsa manca dadi pirantine dedukaning Yehuwah

5:25-30

25 Mulane bebendune Sang Yehuwah banjur nempuh marang umate,
diagagi astane sarta tumuli kapupuh;
gunung-gunung bakal geter, mayit-mayite wong-wong mau
bakal kaya rereged ana ing tengah dalan.
Nanging sanadyan iku kabeh wus kelakon, dedukane durung mendha
lan astane isih diagagake.
26 Panjenengane bakal nglebet-nglebetake gendera marang bangsa kang adoh,
lan bakal singsot nimbali wong-wong iku saka ing tapel-watese bumi;
iku sanyata enggal bakal teka kalawan rerikatan!
27 Panunggalane ora ana kang kesel lan ora ana kang kesandhung,
ora padha ngantuk utawa keturon,
ora ana kang ucul sabuke,
ora ana kang pedhot talining trumpahe;
28 panahe padha dilandhepake
lan sakehe gendhewane padha kapenthang;
tracake jarane atose kaya watu geni
tuwin rodhane kretane kaya lesus.
29 Panggerone kaya singa wadon,
padha nggero kaya singa enom;

padha gereng-gereng banjur ndekep
mangsane,
nuli kagondhol mlayu lan ora ana kang
nguwalake.
30 Ing dina iku wong-wong mau bakal padha
linimputan
ing swara kaya gumlegere sagara.
Manawa wong ngawasake marang ing bumi,
lah ing kono ana pepeteng kang
ngrerupeki,
sarta pepadhang dadi peteng marga saka
mendhung!

Nabi Yesaya katimbalan dening Gusti Allah

6:1-13

6 1 Ing sajroning taun sedane Sang Prabu
Uzia aku sumurup Pangeran lenggah
ing dhampar kang dhuwur lan munggul,
tuwin poncoting jubahe ngebeki Padaleman
Suci. 2 Para Serafim padha ngadeg ngubengi
Panjenengane, siji-sijine padha aswiwi nenem;
swiwine loro kanggo nutupi raine, loro kanggo
nutupi sikile lan loro kanggo mabur. 3 Iku
padha nguwuh sasauran, tembunge:
"Suci, suci, suci Pangeran Yehuwah Gustining
sarwa tumitah,
saindenging bumi kebak ing kamulyane!"
4 Dhasaring dhempele lawang padha gonjing
marga saka swara panguwuh iku, tuwin
padaleman mau banjur kebekan ing kukus.
5 Aku nuli ngucap:

"Bilai aku! Aku tiwas!
Amarga aku iki wong kang alambe najis,
sarta manggon ing satengahing bangsa
kang najis lambene,
nanging mripatku wus ndelengl Sang Prabu,
yaiku Sang Yehuwah, Gustine sarwa
tumitah."
6 Nanging para Serafim mau ana siji kang
banjur mabur marani aku; tangane nyekel
mawa, kang kajupuk nganggo sapit saka ing
sahuwure misbyah. 7 Mawa iku kasenggolake
ing cangkemku kalawan pratela mangkene:
"Delengen, lah iki wus nggepok lambemu,
dadine kaluputanmu wus sirna
lan dosamu wus kaapura."
8 Aku nuli krungu swaraning Pangeran kang
ngandika:
"Sapa kang bakal Sunutus,
lan sapa kang gelem mangkat minangka
utusaningSun?"
Aku banjur munjuk: "Sumangga, mugi
karsaa ngutus kawula!"
9 Sawuse mangkono Panjenengane ngandika:
"Sira mangkata lan bangsa iki warahana
mangkene:
Rungokna kang temenan, nanging aja
mangreti!
Delengen kang temenan, nanging aja
nyumurupi!
10 Atine bangsa iki gawenen ndableg
lan kupinge sira dadekna jampeng
sarta mripate gawenen merem kraket,

supaya aja padha bisa ndeleng kalawan mripate
lan krungu kalawan kupinge
tuwin mangreteni kalawan atine,
satemah banjur mratobat lan dadi waras.”
11 Aku nuli munjuk pitakon: “Ngantos pinten
dangunipun punika, dhuh Pangeran?” Paring
wangsulane:
“Nganti kutha-kutha wus sepi mamring,
ora ana kang ngenggoni maneh,
lan ing omah-omah wus ora ana manungsane maneh
sarta tanahe dadi sepen lan sepi.
12 Pangeran Yehuwah bakal nyingkirake manungsa nganti adoh banget,
nganti meh dadi suwung babar pisan nagara iku.
13 Lan manawa ing kono isih ana kekarene saprasapuluh,
iku kudu tinempuh ing bilai sapisan engkas
nanging kaanane bakal kaya wit waringin lan wit elon
kang tunggake isih
sawuse kategor.
Lan tunggak iku bakal metokake trubus kang suci!”

Yesaya lan Sang Prabu Akhas

7:1-9

7 1 Ing nalika jamane Sang Prabu Akhas,
putrane Sang Prabu Yotam, putrane Sang
Prabu Uzia, nata ing nagara Yehuda, Sang

Prabu Rezin, ratu ing nagara Aram, kalawan
Sang Prabu Pekah putrane Sang Remalya, ratu
ing Israel, padha nglurug perang menyang
ing Yerusalem, nglawan kutha iku, nanging
ora padha bisa ngalahake. [2] Banjur ana
kang ngaturi pawarta marang tedhake Sang
Prabu Dawud mangkene: “Aram sampun
kekemah wonten ing wilayah Efraim,” ing kono
panggalihe Sang Prabu Akhas lan atine para
kawulane padha gumeter kaya hiyad-hiyuding
wit-witan ing alas kang katempuh ing angin.
[3] Sang Yehuwah banjur ngandika marang
Nabi Yesaya: “Sira mangkata nemonana
Akhas, sira lan Syear Yasyub, anakira lanang,
menyang ing wekasane ilen-ilening blumbang
ndhuwur, menyang ing dalan gedhe ing ara-ara
Tukang Penatu, [4] lan matura mangkene:
Panggalih dalem ingkang teteg tuwin ingkang
tetep ayem, sampun ajrih, sarta panggalih
dalem sampun ngantos gumeter awit saking
tegesan kajeng bong kalih ingkang kumelun
punika, punika mulad-mulading nepsunipun
Rezin tuwin Aram saha anakipun Remalya.
[5] Ing sarehne Aram lan Efraim kaliyan anakipun
Remalya sampun sami ngrancang badhe
nandukaken piawon dhumateng panjenengan
dalem, kalayan tembungipun: [6] Ayo padha
nempuh Yehuda lan padha diweden-wedeni
sarta dirayud, anake Tabeel nuli diangkat
dadi ratu ana ing satengahe, [7] milanipun
pangandikanipun Pangeran Yehuwah makaten:
Iku ora bakal kelakon,
lan ora bakal kedadean,

8 sabab Damsyik iku ibu-kotaning Aram,
lan Rezin iku sesirahe Damsyik.
Ing sajrone sawidak lima taun
Efraim bakal pecah ora dadi bangsa
maneh.
9 Lan Samaria iku ibu-kotane Efraim,
sarta anake Remalya iku sesirahe Samaria.
Manawa sira padha ora pracaya,
sira ora bakal padha tulus santosa.”

Pawarta bab Sang Imanuel

7:10-25

10 Sang yehuwah nglajengake pangandikane
marang Sang Prabu Akhas, mangkene: 11 “Sira
nyuwuna sawijining pratandha marang Sang
Yehuwah Gusti Allahira, sanadyan iku saka ing
jagading wong mati kang ana ing ngisor dhewe
utawa saka ing panggonan kang dhuwur
dhewe, kang ana ing ngaluhur.” 12 Nanging
unjuke Sang Prabu Akhas: “Kawula boten
purun nyuwun, kawula boten purun nyobi
dhumateng Sang Yehuwah.” 13 Nabi Yesaya nuli
matur: “Dhuh tedhakipun Sang Prabu Dawud,
mugi sami karsaa midhangetaken! Punapa
dereng cekap panjenengan dalem sami damel
sayahipun tiyang, ngantos panjenengan dalem
ugi damel sayahipun Gusti Allah kawula?
14 Awit saking punika Pangeran piyambak
ingkang badhe paring pratandha dhumateng
panjenengan dalem: Lah Sang Kenya badhe
nggarbini saha badhe mbabar putra kakung
sarta badhe ngasmakaken putranipun wau

Imanuel. 15 Panjenenganipun badhe dhahar
kaniling susu tuwin maben ngantos saged
nampik ingkang awon saha milih ingkang sae,
16 awit saderengipun putra wau saged nampik
ingkang awon tuwin milih ingkang sae, nagari
ingkang ratunipun kekalih panjenengan dalem
ajrihi punika badhe katilar suwung. 17 Pangeran
Yehuwah badhe ndhatengaken dhumateng
panjenengan dalem lan dhumateng kawula
dalem sarta dhumateng kulawarga dalem
dinten-dinten ingkang dereng nate wonten
wiwit nalika Efraim nebihi Yehuda -- inggih
punika ratu ing Asyur."

18 Ing dinten wau badhe kelampahan:
Pangeran Yehuwah singsot nimbali laler
ingkang wonten sungapaning pangpangipun
benawi Nil,
saha nimbali tawon ing tanah Asyur.
19 Punika sadaya badhe dhateng tuwin
mencok ing lembah-lembah ingkang
sungil
saha ing lowah-lowahing redi-redi parang,
ing sakathahing pager eri
sarta ing sakathahing pangenan.

20 Ing dinten punika Pangeran badhe nyukur
sirah tuwin rambuting pupu kalayan lading
panyukuran ingkang dipun sambut saking
sabranganing benawi Efrat, inggih punika ratu
ing Asyur; malah lading wau inggih badhe
nyukur jenggot pisan ngantos pandhes.

21 Ing dinten wau saben tiyang badhe
ngingah lembu estri ingkang enem tuwin
menda gembel kalih, 22 lan margi saking

kathahing wedalipun susu, tiyang-tiyang
lajeng badhe nedha kanil; lah kanil kaliyan
maben badhe dipun tedha ing saben tiyang
ingkang taksih wonten ing salebeting nagari.
23 Ing dinten punika saben panggenan
ingkang limrahipun kathukulan wit anggur
sewu sarta ingkang reginipun sewu sekel
salaka, badhe dados panggenaning piskucing
saha rumput. 24 Tiyang ingkang kesah mriku
kapeksa mbekta panah lan gendhewa,
amargi namung piskucing saha rumput thok
wujudipun nagari wau sadaya. 25 Makaten
malih panjenengan dalem boten badhe wantun
rawuh ing sakathahipun ereng-erenging redi
ingkang limrahipun dipun paculi, amargi ajrih
dhumateng piskucing saha rumput; namung
lembu kaliyan menda ingkang saba wonten
ing ngriku.

Putraning nabi dadi pratandha

8:1-4

8 1 Pangeran Yehuwah ngandika marang
aku: “Sira njupuka watu panulisan
gedhe, nuli ing dhuwur sira tulisana nganggo
tulisan lumrah: Maher-Syalal Khasy-Bas.”
2 Aku banjur nyeluk seksi loro kang kena
dipracaya, yaiku Imam Uri lan Zakharia bin
Yeberekhya. 3 Sawuse mangkono aku tumuli
nyedhaki bojoku; dheweke banjur ngandheg
lan nglairake anak lanang. Pangeran Yehuwah
nuli ngandika marang aku: “Iki jenengna:
Maher-Syalal Khasy-Bas, 4 awit sadurunge

bocah iku bisa nyeluk: Bapak! Ibu! kasugihane Damsyik lan jarahane Samaria bakal diusungi marang ing ngarepe raja Asyur.”

Asyur nempuh Yehuda

8:5-10

5 Pangeran Yehuwah nglajengake pangandikane maneh marang aku mangkene:
6 “Ing sarehne bangsa iki wus nampik banyu Syiloah kang alon iline,
lan wedi banget marang Rezin lan anake Remalya,
7 mulane lah Pangeran ndadekake banyune bengawan Efrat
kang santer lan gedhe,
mbanjiri wong-wong mau,
yaiku ratu ing Asyur lan sakehe kamulyane;
banyu iki bakal luber ing saurute ilen-ilene kabeh
tuwin bakal mili ngluberi pinggire,
8 sarta nrobos lumebu ing Yehuda,
dadi kaya banjir kang gedhe nganti sagulu;
apadene pambebere swiwine
bakal ngacaki tanahira kabeh, dhuh Imanuel!”
9 Iku sumurupana, he para bangsa lan padha girisa,
padha nggatekna, he sakehe wilayahing bumi kang adoh-adoh,
padha sabukana, lan padha girisa!
padha sakana lan padha girisa!

[10] Padha gawea rancangan, nanging iku uga
bakal gagal;
gawea putusan, nanging uga bakal ora
tumindak,
awit Gusti Allah nunggil karo aku kabeh.

Nabi Yesaya kepeksa singidan

8:11-22

[11] Amarga mangkene pangandikane Sang
Yehuwah marang aku, nalika aku dicepeng
kalawan astane kang rosa, supaya aja nulad
tingkah-polahe bangsa iki: [12] "Sira aja ngarani
sekuthon marang samubarang kabeh kang
diarani sekuthon dening bangsa iki, lan apa
kang diwedeni, aja padha sira wedeni sarta
aja padha gumeter ndeleng iku. [13] Nanging
Pangeran Yehuwah, Gustine sarwa tumitah,
iku kang kudu sira akoni dadi Kang Suci;
iya Panjenengane iku kang kudu sira wedeni
lan ana ing ngarsane iku sira gumetera.
[14] Panjenengane bakal dadi papan suci,
nanging uga dadi watu patanggoran lan watu
sandhungan tumrap kraton Israel sakarone,
sarta dadi jiret lan kala tumrap wong ing
Yerusalem. [15] Apadene panunggalane akeh
kang bakal padha kesandhung, tiba lan tatu
abot, kacekel lan katawan."
[16] Aku kadhawuhan nyimpen paseksen iki
tuwin ngecapi piwulang iki ana ing satengahe
murid-muridku. [17] Lan aku arep nganti-anti
marang Sang Yehuwah kang ngaling-alingi
wedanane marang gelengan turune Rama

Yakub; aku arep ngarep-arep marang
Panjenegane. [18] Lah aku lan anak-anak kang
wus kaparingake dening Sang Yehuwah
marang aku iku padha dadi pratandha lan
ngalamat ana ing satengahe wong Israel
kang saka Pangeran Yehuwah, Gustine sarwa
tumitah kang akedhaton ana ing gunung Sion.
[19] Lan manawa ana wong kang celathu
marang sira: "Njaluka pituduh marang
arwah lan roh-rohe para juru meca kang
bisik-bisik lan klomat-klamet," iku wangsulana:
"Sawijining bangsa iku pantese apa ora kudu
njaluk pituduh marang allahe? Utawa kudu
jaluk pituduh marang para wong mati kanggo
wong urip?" [20] "Ngupayaa piwulang lan
paseksen!" Sing sapa celathu ora mangkono
iku ora kaplethekan bangbang wetan. [21] Iku
bakal padha nglembara ana ing nagara kono,
mlarat lan keluwen, tuwin manawa padha
keluwen, banjur padha nepsu lan bakal
padha ngipat-ipati rajane lan allahe; bakal
padha tumenga ing langit, [22] sarta bakal
ndeleng marang ing bumi, lah kang ana mung
karupekan lan pepeteng, pamilaraning kaanan
surem, lan bakal padha kabuwang marang ing
pepeteng kang ndhedhet.

Miyose Ratuning katentreman

9:1-7 (8:23--9:6)

9 [1] (8-23) Nanging nagara kang rinupek
iku ora bakal katempuh ing kaanan
surem ing salawase. Manawa biyen Sang

Yehuwah ngesorake tanah Zebulon lan tanah
Naftali, besuk Panjenengane bakal mulyakake
dalan menyang ing sagara, wilayah ing
sabrangane bengawan Yarden, wewengkoning
bangsa-bangsa liya.
2 (9-1) Bangsa kang lumaku ing pepeteng
wus sumurup pepadhang gedhe;
wong kang padha manggon ing nagara kang
peteng ndhedhet
wus padha kaplethekan pepadhang.
3 (9-2) Paduka sampun nuwuhaken surak
mawurahan,
saha kabingahan ingkang ageng.
Tiyang-tiyang sami abingah-bingah wonten
ing ngarsa Paduka,
kadosdene bingahipun tiyang ing mangsa
panen,
kadosdene surak-surakipun tiyang nalika
mbage rayahan.
4 (9-3) Awit pasangan ingkang mlinder
saha rembatan ingkang wonten ing
pundhakipun
sarta penthungipun tiyang ingkang nindhes
sampun Paduka tugel kados nalika
kawonipun Midian.
5 (9-4) Sabab saben sepatu prajurit ingkang
gedrag-gedrug
tuwin saben jubah ingkang kuthah rah
badhe dados mangsaning latu.
6 (9-5) Amarga ana Bayi kang wus miyos
kanggo kita,
ana Putra kang wus kaparingake marang
kita,

lambanging paprentahan ana ing
pamidhangane,
lan asmane sinebut: Penasehat Elok,
Gusti Allah kang prakosa,
Rama kang Langgeng, Ratuning
Katentreman.
7 (9-6) Gedhe pangwaose,
tuwin tentrem rahayu bakal tanpa wekasan
ana ing dhampare Sang Prabu Dawud lan
ana ing karajane,
awit iku kadhasarake lan kasantosakake
kalawan kaadilan lan kabeneran
wiwit saiki nganti ing salawas-lawase.
Adrenging panggalihe Pangeran Yehuwah
Gustine sarwa tumitah bakal nindakake iki.

Dukane Pangeran Yehuwah marang Efraim

9:8--10:4 (9:7--10:4)

8 (9-7) Pangeran wus paring pangandika
marang Rama Yakub,
lan pangandikane iku tumempuh marang
Israel.
9 (9-8) Sabangsa kabeh cikben sumurup,
yaiku Efraim lan kang manggon ing
Samaria,
kang celathu kalawan angkuh lan
lumuhur-luhur:
10 (9-9) “Pagere bata ambruk,
kita arep ngedegake pager watu tatahan;
wit sikmah padha ditegori,
bakal kita salini wit eres.”

11 (9-10) Sang Yehuwah nuli nglurugake para
panggedhening wadya-bala Rezin,
lan ngangkatake para mungsuhe:
12 (9-11) Wong Aram saka ing Wetan, tuwin
wong Filisti saka ing kulon,
iku padha nguntal Israel kalawan
cangkeme kang amba.
Sanadyan iki mau kelakon kabeh, dukane
durung mendha,
sarta astane isih kaagagake.
13 (9-12) Ewasamono bangsa iku ora bali
marang Panjenengane kang ngrangket,
lan ora ngupaya marang Sang Yehuwah
Gustine sarwa tumitah.
14 (9-13) Mulane Pangeran Yehuwah banjur
ngethok endhase lan buntute Israel,
wite lan pange bareng sadina.
15 (9-14) Para pinituwa lan para wong kang
kajen keringan iku endhase,
dene nabi kang goroh iku buntute.
16 (9-15) Amarga wong-wong kang padha
ngirid bangsa iki iku juru panasaran,
lan wong-wong sing diirid iku dadi kisruh.
17 (9-16) Marga saka iku Pangeran ora rena
ing bab para nom-nomane,
lan ora welas marang anak-anake lola
lan marang para randhane,
amarga wong iku kabeh padha murtad lan
nindakake panggawe ala,
sarta saben cangkem pangucape
gemblung.
Sanadyan iki kabeh kelakon, dukane durung
mendha,

tuwin astane isih kaagagake.
18 (9-17) Amarga duraka iku murub kaya geni
kang mangsa piskucing lan suket nganti entek,
banjur ngobong kekayon ing alas,
nganti kukuse kumelun mumbul.
19 (9-18) Marga saka dukane Sang Yehuwah Gustine sawra tumitah,
tanah iku kobong,
tuwin bangsa iku dadi mangsane geni;
ora ana wong siji-sijia kang melasi sadulure.
20 (9-19) Padha ngemplok manengen, nanging isih luwe,
padha ngemplok mangiwa, nanging durung wareg,
saben wong mangan daginge kancane:
21 (9-20) Manasye mangsa Efraim, lan Efraim mangsa Manasye,
tuwin bebarengan padha nglawan Yehuda.
Sanadyan iki kabeh kelakon, dukane durung mendha,
sarta astane isih kaagagake.

10 1 Bilai para wong kang gawe katetepan-katetepan kang ora adil,
sarta para wong kang gawe pututsan-putusan kang ambek siya,
2 kanggo ngalang-ngalangi para wong sekeng anggone ngupaya kaadilan
lan kanggo ngrebut wewenange para wong sangsara kang ana ing satengahe umatingSun,

supaya padha bisa ngrampas barang darbeke para randha,
tuwin bisa njejarahi bocah yatim!
3 Apa kang bakal padha sira alkoni ing dina paukuman,
lan ing wektu tekane kasangsaran kang adoh sangkane?
Sira bakal padha lumayu njaluk tulung marang sapa,
sarta kasugihanira bakal sira tinggal ana ngendi?
4 Sira ora bisa tumindak apa-apa kejaba mung njingkrung ana ing satengahe wong-wong kang kinepung,
sarta tiwas ana ing satengahe para wong kang pinatenan!
Sanadyan iki kelakon kabeh, dukane Sang Yehuwah durung mendha,
lan astane isih kaagagake.

Bab bilai kang bakal nempuh marang Asyur

10:5-19

5 Bilai Asyur, kang dadi cambuking dukaningSun
lan kang dadi gitiking bebenduningSun!
6 Iku bakal Sunutus nglawan bangsa kang murtad,
tuwin bakal Sundhawuhi nglawan umat lesaning dukaningSun,
supaya ngrerampas lan njarah-rayah,

sarta supaya ngidak-idak bangsa mau
kaya blethok ing lelurung.
7 nanging dheweke dhewe karepe ora
mangkono
lan ora mangkono rancanganing atine,
anadene niyate atine arep numpes
tuwin nyirnakake bangsa pirang-pirang.
8 Amarga pangucape:
“Para panggedhening wadya-balaku rak
raja-raja kabeh?
9 Kaanane Kalno rak padha kaya Karkhemis,
utawa Hamat rak padha kaya Arpad,
lan Samaria rak padha kaya Damsyik?
10 Kayadene tanganku wus ngrayud
karajan-karajaning para brahala,
mangka reca-recane ngluwihi kang ana ing
Yerusalem lan kang ana ing Samaria,
11 apa aku ora bakal tumindak mangkono
tumrap Yerusalem lan reca-recane
brahalane,
kaya kang wus daktindakake tumrap
Samaria lan brahala-brahalane?”
12 Nanging manawa Pangeran wus
ngrampungake sakehing pakaryane ana
ing gunung Sion lan ana ing Yerusalem,
Panjenengane bakal ngukum pratingkahe
raja Asyur kang gumunggung lan watake
kang angkuh kumalungkung. 13 Amarga wus
ngucap:
“Aku tumindak kaya mangkono iku kalawan
kakuwataning tanganku
tuwin kalawan kawicaksananku,
amarga kau duwe akal budi.

Aku wus ngilangi wates-watese ing antarane
para bangsa,
sarta wus ngrampas pasadhiyan-
pasadhiyane;
kalawan kakuwatan anggonkeu wus nglorod
para wong kang lungguh ing dhampar.
14 Kayadene susuhing manuk,
iya mangkono iku anggonku wus ngrayud
kasugihane para bangsa,
sarta kaya wong kang ngrakup endhog-
endhog
kang ditinggal dening kang ngendhog,
kaya mangkono anggonku ngrayud
salumahing bumi,
lan siji bae ora ana kang ngobahake swiwine,
tuwin kang ngangapake cucuke utawa
kang cuwit-cuwit.”
15 apa ana wadung kang ngatonake
gumunggunge marang wong kang
nganggo,
utawa graji kang ngegungake dhiri ana ing
sangarepe kang nganggo?
Lah kok kaya gada kang ngobahake wong
kang nyolahake,
lan kaya teken kang ngangkat wonge kang
dudu kayu!
16 Awit saka iku Pangeran, Sang Yehuwah
Gustine sarwa tumitah,
bakal damel wong-wonge kang gothot dadi
padha kuru aking,
lan sakehing kasugihane bakal kaobong
nganti entek,
kalawan geni kang mulad-mulad.

17 Padhanging Israel banjur bakal dadi geni,
lan Gusti Allahe, Kang Mahasuci bakal mulad-mulad
tuwin bakal ngobong lan mangsa piskucing lan sukete nganti entek
ing sajroning sadina uga.
18 Kaendahane alas ing Asyur lan kebone wowohan
bakal kamangsa nganti entek, wiwit delege nganti pang-pange,
satemah bakal dadi kaya wong lara kang nglayung nganti mati;
19 anadene kekarene wit-witan ing alase
kehe bakal kena kaetung,
nganti bocah bae bisa nyatheti.

Kekarene Israel ginanjar slamet

10:20-27a

20 Nanging ing wektu iku kekarene wong Israel
lan wong kang bisa oncat ing antarane gelengan tedhake Rama Yakub,
ora bakal sumendhe maneh marang kang ngalahake,
nanging bakal sumendhe marang Sang Yehuwah,
Kang Mahasuci, Gusti Allahe Israel, lan tetep setya.
21 Ana kekarene kang bali;
kekarene Rama Yakub bakal mratobat ana ing ngarsane Gusti Allah kang prakosa.

22 Amarga sanadyan bangsamu, he Israel,
kehe kaya wedhining sagara,
nanging mung kekarene kang bakal bali.
Pangeran Yehuwah wus nemtokake tekaning
karusakan,
lan saka ing kono bakal tuwuh kaadilan
kang nganti luber-luber.
23 Sanyata, karusakan kang wus pinasthi
bakal kadhawahake ing salumahing bumi
dening Pangeran, Sang Yehuwah Gustining
sarwa tumitah.
24 Mulane mangkene pangandikane Pangeran,
Sang Yehuwah, Gustine sarwa tumitah: "He
umatingSun kang manggon ing Sion, aja
wedi marang Asyur, manawa iku nggebug
sira kalawan gada lan menthung sira kalawan
penthunge, kaya kang ditindakake Mesir
biyen. 25 Amarga sadhela engkas dukaningSun
marang sira bakal sirep, lan bebenduningSun
bakal njalari sirnane. 26 Sang Yehuwah
Gustining sarwa tumitah bakal ngrangket
bangsa iku kalawan cemethi, kayadene
anggone ngrangket Midian ana ing gunung
parang Oreb, lan ngungkulake lantarane ing
sadhuwure sagara Teberau lan ngagagake
kaya nalika ana ing Mesir biyen. 27 Ing
wektu iku momotan kang ditumpangake
ing pundhakira dening bangsa mau, bakal
kabuwang, lan pasangan kang kaetrapake ing
gulunira bakal ilang."

Wong Asyur nempuh perang

10:27b-34

(10-27b) Asyur wus jumedhul saka ing Rimon
28 lan wus nempuh Ayat;
sarta wus ngliwati Migron,
tuwin nata gegawane ana ing Mikhmas.
29 Wus padha liwat ing jurang panyabrangan, kalawan nguwuh:
“Geba iku papan panginepan kita!”
Kang manggon ing Rama padha gumeter,
kang manggon ing Gibea-Saul padha mlayu.
30 Jerit-jerita, he putri Galim!
Gatekna, he Laisya!
Wangsulana, he Anatot!
31 Kang manggon ing Madmena lumayu adoh,
wong Gebim lunga ngungsi.
32 Dina iki uga Asyur bakal leren ing Nob,
ngacung-acungake tangane
marang gununge putri Sion,
tenggere Yerusalem.
33 Lah Pangeran, Sang Yehuwah Gustine sarwa tumitah
bakal nyembali pang-pang wit kalawan kakuwatan kang nggegirisi;
kang thukule dhuwur-dhuwur bakal ditegor,
lan kang munggul mandhuwur bakal padha dicendhekake.
34 Kayu-kayuning alas bakal dibabadi kalawan wadung,

sarta Libanon dalah wit-witane kang
ngedab-edabi bakal rubuh.

Ratu katentreman kang bakal rawuh

11:1-10

11 [1] Ana trubusan kang bakal thukul saka
ing tunggaking Isai,
lan ana semen kang tuwuh saka ing oyode
kang bakal metokake woh.
[2] Iku bakal katedhakan Rohe Sang Yehuwah,
rohing kawicaksanan lan pambudi,
rohing pitutur lan kasantosan,
rohing kawruh lan wedi-asih marang Sang
Yehuwah;
[3] malah wedi-asih marang Sang Yehuwah
iku kang dadi karemenane.
Panjenengane ora bakal ngadili mung waton
pamirsane satleraman bae
utawa ndhawahake putusna manut
paturaning wong.
[4] Nanging bakal ngakimi para wong sekeng
kalawan kaadilan,
sarta bakal ndhawahake putusan tumrap
para wong kang katindhes ana ing
nagara kono kalawan kajujuran;
anggone ngrangket bumi kalawan
pangandikane kayadene kalawan
lantaran,
tuwin kalawan napasing lesane anggone
bakal nyirnakake wong duraka.
[5] panjenengane ora bakal nyimpang saka ing
kabeneran lan kasetyan,

kayadene sabuk kang tetep tumali ing
bangkekan.
6 Asu ajag bakal manggon bebarengan karo
wedhus gembel
lan macan tutul bakal mlegung ana ing
sandhinging wedhus.
Pedhet lan anak singa bakal nyenggut
bebarengan,
tuwin bakal kagiring ing bocah cilik.
7 Sapi lan bruwang bakal nyenggut
bebarengan
lan anak-anake bakal plegungan tunggal
enggon,
dene singa bakal mangan dami kaya sapi.
8 Bocah suson bakal dolanan ing sacedhake
rong ula bedhudhak,
tuwin bocah sapihan bakal rogoh-rogoh
ing ronging ula mandi.
9 Ora ana kang bakal nglakoni ala ana
tumindak ora becik
ana ing sawewengkone gunungingSun
kang suci,
amarga saindenging bumi kapenuhan ing
kawruh bab Sang Yehuwah,
kayadene banyuning sagara kang nasabi
dhasare.
10 Ing wektu iku
trubusan ing oyoding Isai bakal jumeneng
dadi gendera tumrap para bangsa;
kang bakal kaupaya dening para suku bangsa
sarta padalemane bakal dadi mulya.

Kekarene Israel bakal bali

11:11-16

11 Ing wektu iku Pangeran bakal ngayatake astane maneh
prelu nebus kekarening umate
kang isih ana ing Asyur lan ing Mesir,
ing Patros, ing Etiopia lan ing Elam, ing Sinear, ing Hamat lan ing pulo-pulo ing sagara.
12 Panjenengane bakal ngedegake gendera kanggo bangsa-bangsa,
bakal nglempakake para wong Israel kang kabuwang,
sarta bakal ngempalake para wong Yehuda kang sumebar ing keblat papat.
13 Kumerening Efraim bakal ilang,
lan kang ngrupeki Yehuda bakal sirna.
Efraim ora bakal meri maneh marang Yehuda,
sarta Yehuda ora bakal ngrupeki Efraim maneh.
14 Nanging bakal padha mabur mangulon, menyang ing ereng-erenging gunung Filisti,
bakal njarah-rayah bani Timur bebarengan;
bakal padha ngrampas Edom lan Moab,
sarta wong Amon bakal padha teluk.
15 Sang Yehuwah bakal ngesat teluk Mesir
kalawan napase kang nggesengake,

tuwin ngayatake astane marang bengawan Efrat,
kang nuli kapupuh temah pecah dadi kali pitu,
njalari wong banjur bisa liwat nganggo trumpah.
16 Banjur bakal ana dalan gedhe kanggo kekarene umate
kang isih ana ing Asyur,
kaya kang biyen wis ana kanggo Israel,
nalika padha metu saka ing tanah Mesir.

Kidung panuwun marga wus ginanjar slamet

12:1-6

12 1 Ing wektu iku kowe bakal munjuk:
"Kawula badhe ngunjukaken panuwun dhumateng Paduka, dhuh Yehuwah,
awit sanadyan Paduka sampun duka dhumateng kawula,
nanging bebendu Paduka sampun kendel
tuwin Paduka lajeng nglipur kawula.
2 Gusti Allah iku sanyata dadi karaharjanku;
aku kumandel ora kalawan gumeter,
amarga Sang Yehuwah Allah iku kakuwatanku lan masmurku,
Panjenengane wus dadi karaharjanku."
3 Ing kono kowe bakal padha ngangsu kalawan bungah
ing etuking kaslametan.
4 Ing wektu iku kowe bakal padha ngucap:
"Ngunjukna panuwun marang Sang Yehuwah,

padha nyebuta marang asmane,
pakaryane padha sumurupna ana ing
antarane para bangsa,
suwurna, manawa asmane iku luhur!
5 Padha ngidungna masmur Pangeran
Yehuwah, sabab pakaryane iku mulya;
bab iki prayoga kasumurupan ing
saindenging bumi!
6 Padha giyak-giyaka lan surak-suraka,
he wong kang padha manggon ing Sion,
amarga Kang Mahasuci, Gusti Allahe Israel,
iku agung ana ing satengahmu!”

PAUKUMAN TUMRAP PARA BANGSA

BAB 13-23

Wangsit kang tumuju marang Babil

13:1-22

13 1 Wangsit kang tumuju marang Babil
kang kaparingake marang Nabi Yesaya,
putrane Sang Amos.
2 Masanga gendera ana ing gunung kang
gundhul,
nguwuh-uwuha marang para wong iku
kalawan swara sora;
ngawe-awea supaya iku padha lumebu
ing gapura-gapurane para wong luhur!
3 Ingsun iki wus paring dhawuh marang para
wong kang Sunsucekake,
wus nimbali para wongingSun kang
prakosa

supaya matrapi paukumaning
bebenduningSun,
marang para wongingSun, kang padha
suka-suka lan gumunggung.
4 Ana swara rame ing gunung-gunung,
kaya swaraning kumpulaning wong kang
akeh cacahe!
Swara gumuruhing karajan-karajan,
lan bangsa-bangsa kang padha nglumpuk!
Pangeran Yehuwah, Gustine sarwa tumitah
lagi niti-priksa wadya-bala perang.
5 Iku padha teka saka ing nagara kang adoh,
malah saka ing poncoting langit,
yaiku Sang Yehuwah lan kang nibakake
dedukane
arep padha ngrusak saindenging bumi.
6 Padha ngadhuh-adhuha, sabab dinane Sang
Yehuwah wus cedhak,
tekane iku kayadene pangrusak saka Kang
Mahakwasa.
7 Awit saka iku sakehing tangan bakal dadi
lemes,
lan atine saben manungsa bakal luluh,
8 sarta wong-wong bakal padha kaget.
Lara mules lan lara nguwat bakal tumempuh
marang wong-wong mau,
padha ngolang-ngaling kaya wong wadon
nglarani.
Bakal padha pandeng-pandengan kalawan
kaebatan,
raine padha kaya wong kang lara
kadhemen.

9 Dinane Sang Yehuwah pranyata rawuh
tanpa welas,
kalawan bebendu lan deduka kang
mulad-mulad,
arep damel sepi mamringing bumi
arep nyirnakake wong-wong ing kono kang
padha agawe dosa.
10 Sabab lintang-lintang lan golongane ing
langit
bakal ora padha nyunarake cahyane;
srengenge bakal dadi peteng nalika mlethek,
lan rembulan ora bakal nyorotake sunare.
11 Ingsun bakal males pialane donya,
lan kaluputane wong duraka;
gumunggunging wong-wong kang kumawani
bakal Sunuwisi,
sarta kumlungkunge para wong ambek
siya bakal Sunendhakake.
12 Ingsun bakal damel aranging wong
ngungkuli emas tuwa,
lan aranging manungsa ngungkuli emas
Ofir.
13 Mulane Ingsun bakal damel gumetering
langit,
lan bumi bakal gonjing ngalih saka ing
panggonane,
yaiku ing wektu bebendune Sang Yehuwah,
Gustine sarwa tumitah,
lan ing dina dedukane kang mulad-mulad.
14 Kayadene kidang kang kaoyak-oyak
lan kayadene wedhus kang ora diengon,
kaya mangkono wong-wong bakal padha
noleh marang bangsane dhewe-dhewe,

lan padha lumayu marang nagarane
dhewe-dhewe.
15 Saben wong kecandhak bakal disuduk,
lan saben wong kang kecekel bakal
ambruk mati dening pedhang.
16 Bayi-bayine bakal padha karemuk
ana ing ngarepe,
omah-omahe bakal padha karampog
lan bojo-bojone bakal padha diwori turu.
17 Lah Ingsun nglurugake wong Madai
nglawan marang wong-wong mau,
wong-wong kang ora padha mreduli
marang salaka lan ora seneng marang
emas.
18 Panah-panahe bakal nembus para wong
enom;
wong-wong mau padha ora bakal
welas marang wohing wetengan,
lan ora padha welas marang bocah-bocah.
19 Lan Babil, kang dadi kaendahaning para
karajan,
rerengganing wong Kasdim kang linuwih,
bakal padha kaya Sodom lan Gomora
yaiku samangsa padha kaobrak-abrik
dening Gusti Allah:
20 ing sateruse bakal ora ana wonge,
lan ora ana kang ngenggoni nganti
turun-tumurun;
wong Arab ora bakal ngedegake tarub ana
ing kono,
lan para pangon ora bakal ngolehake
kewane padha mlegung ana ing kono,

21 dene kang bakal mlegung ing kono yaiku
kewan ing ara-ara samun,
lan omah-omahe bakal kebak manuk
beluk,
manuk-manuk unta kang bakal padha
manggon ing kono,
lan jim-jim kang padha lincak-lincak;
22 asu alas bakal padha mbaung ana ing
kadhaton-kadhatone,
tuwin asu ajag ana ing kraton-kratoning
kasenengan.
Wektune bakal enggal teka,
sarta dina-dinane ora bakal diulur.

Pangiwi-iwi bab ratu Babil

14:1-23

14 1 Amarga Pangeran Yehuwah bakal
paring sih-kawelasan marang Yakub lan
bakal milih Israel maneh lan bakal marengake
padha dedunung ana ing tanahe, banjur wong
bangsa liya bakal padha awor lan manunggal
karo tedhake Rama Yakub.
2 Bangsa-bangsa
liya bakal padha ngeterake Israel mulih
menyang ing panggonane, turune Israel
banjur bakal ndarbeni bangsa-bangsa iku
kadadekake batur lanang lan batur wadon ana
ing tanahe Pangeran Yehuwah. Kaya mangkono
dadine bakal padha nawan wong-wong kang
maune padha nawan sarta bakal ngwasani
kang maune padha nindhes.
3 Ing dinane
Sang Yehuwah mungkasi kasangsaranmu
lan kabingunganmu sarta anggonmu padha

nindakake pagawean kanthi peksan kang abot
kang kudu padha koktindakake, 4 ing kono
kowe bakal nglairake pamoyok tumrap ratu
ing Babil lan celathu:

"Wah, wus tumeka ing wekasane wong kang nindhes,
wus tumeka ing wekasane wong kang ambek siya iku!
5 Pangeran yehuwah wus mutung gitike para wong duraka,
tuwin gadane para wong kang ngereh,
6 kang nggebugi para bangsa kalawan nepsu,
tanpa kendhat;
kang ngidak-idak para bangsa kalawan bendu
tanpa leren.
7 Salumahing bumi wus ayem lan tentrem;
wong-wong padha bungah-bungah lan surak-surak.
8 Uga wit beros lan wit eres ing Libanon
padha bungah marga kowe wus ambruk, pangucape:
'Wiwit titimangsa kowe ambruk gumlinting;
ora ana wong maneh kang munggah negor aku kabeh!
9 Jagade wong mati kang ana ing ngisor kalawan gumeter
anggone mapag tekamu;
arwah-arwah padha kagugah marga saka kowe,
yaiku sakehe tilas panggedhe ing bumi;
sakehe tilas ratuning para bangsa
padha diwungu saka ing dhampare.

10 Iku kabeh wiwit padha aruh-aruh
lan ngucap marang kowe:
‘Kowe iya wus dadi apes kaya aku kabeh,
wus dadi padha kaya aku kabeh!
11 Kaluhuranmu wus kaudhunake marang ing jagade wong mati
karo swarane slukatmu;
kowe alemek singgat,
lan akemul eset.’ ”
12 “Adhuh, kowe wus tiba saka ing langit,
he lintang Panjer-Esuk, anake bangbang wetan,
kowe wus kapecah lan tiba ing bumi,
he, kowe kang ngalahake para bangsa!
13 Kowe kang maune ngunandika:
Aku arep munggah menyang ing langit,
aku arep ngedegake dhamparku
ana ing sadhuwure lintang-lintange Gusti Allah,
lan aku arep lungguh ing gununging pasamuwan,
ing sisih lor adoh.
14 Aku arep mumbul nganti ngungkuli mega,
arep madhani Kang Mahaluhur!
15 Nanging kosok baline, kowe kaudhunake menyang ing panggonan
kang jero dhewe ing luwanging kuburan.
16 Wong-wong kang ndeleng kowe
bakal padha nggatekakake lan mandeng kowe kalawan ngucap:
Apa iki kang wus gawe gumetering bumi,
lan kang nggoncangake karajan-karajan,

17 kang wus ndadekake jagad kaya
pasamunan,
lan kang nglebur kutha-kuthane,
kang ora ngulihake para wong tawanan?
18 Sakehe tilas ratune para bangsa
padha sumare kalawan mulya,
ana ing astanane dhewe-dhewe.
19 Nanging kowe iki wus kabuwang,
adoh saka ing pakuburanmu,
kayadene trubusan kang nggegilani,
kang katutupan ing mayite para kang
sinuduk ing pedhang
lan ambruk tumiba ing watu-watuning
luwangan kuburan,
kaya bathang kang kepidak-pidak.
20 Kowe ora bakal ana ing kuburan
bebarengan karo para raja,
amarga kowe wus ngrusak nagaramu
lan mateni rakyatmu.
Anak-putune wong kang nindakake piala
ora bakal kocap ing salawas-lawase.
21 Ngedegna papan panyembelehan kanggo
anak-anake,
marga saka kaluputane leluhure,
supaya aja padha gumregah lan ndhaku
bumi
tuwin ngebaki jagad kalawan kutha-kutha."
22 "Ingsun bakal jumeneng nglawan
wong-wong iku," mangkono pangandikane
Pangeran Yehuwah, Gustine sarwa tumitah,
"Ingsun bakal nyirnakake jenenge Babil lan
kekarene, anak-putune lan buyute," mangkono
pangandikane Sang Yehuwah. 23 "Ingsun bakal

ndadekake Babil dadi duweke landhak lan dadi rawa sarta kutha iku bakal Sunsaponi kalawan sapu panggempuran," mangkono pangandikane Pangeran Yehuwah, Gustine sarwa tumitah.

Wangsit tumuju marang Asyur

14:24-27

24 Pangeran Yehuwah, Gustine sarwa tumitah wus supaos, pangandikane:
"Sanyata kaya kang Sunkarsakake,
iya mangkono bakal kelakone,
lan kaya kang Sunrancang, iya mangkono bakal tumindake:
25 Ingsun bakal mbengkas wong Asyur ana ing nagaraningSun
padha Sunidak-idak ana ing gunungingSun;
pasangan kang dietrapake ing umatingSun dening wong-wong mau bakal kabuwang
mangkono uga momotan kang ditumpangake ing pundhake."
26 Yaiku rancangan kang wus kadamel tumrap salumahing bumi,
lan yaiku asta kang kaayatake marang sakehe bangsa.
27 Sang Yehuwah Gustine sarwa tumitah wus ngrancang,
sapa kang bisa murungake?
Astane wus kaayatake?
sapa kang bisa ngundurake?

Wangsit tumuju marang Filisti

14:28-32

28 Ing taun sedane Sang Prabu Akhas ana wangsit kang mangkene iki:
29 Aja bungah-bungah, he tanah Filisti kabeh,
awit sanadyan gadane wong kang nggebug kowe wus tugel,
nanging ula iku bakal nurunake ula bedhudhak,
lan anake bakal dadi ula naga kang bisa mabur.
30 Panunggalane umatingSun kang asor dhewe bakal oleh pangan
tuwin para wong miskin bakal manggon kalawan tentrem,
nanging turunira bakal Sunpateni kalawan pailan,
sarta kekaren-kekarenira bakal Suntumpes.
31 Ngadhuh-adhuha, he gapura! Jerit-jerita, he kutha!
Gumetera, he tanah Filisti sakabehe!
Amarga ing sisih lor wus ana kukusing perang kang kumelun,
lan barisaning mungsuh maju, ora ana kang mundur.
32 Lan kapriye wangsulane marang para utusane bangsa iku?
"Pangeran Yehuwah kang masang tetalesing Sion,

lan para wong kang nandhang sangsara
panunggale umate bakal padha oleh
pangayoman ana ing kono.”

Wangsit tumrap Moab

15:1--16:14

15 1 Wangsit bab Moab.
Lah sajrone sawengi Ar-Moab wus
karusak, kasirnakake;
lah sajrone sawengi Kir-Moab wus karusak,
kasirnakake!
2 Putri Dibon munggah ing tengger-tengger
pangurbanan prelu muwun;
Moab, ngadhuh-adhuh marga saka Nebo
lan marga saka Medeba.
Kabeh wong padha nggundhuli sirahe ana
ing kono
lan nyukur jenggote minangka tandhaning
kasusahan.
3 Wong padha manganggo bagor ana ing
dedalan,
ana ing payon lan ana ing ara-ara
wong kabeh padha ngadhuh-adhuh, eluhe
dleweran.
4 Hesybon lan Eleale padha nangis gero-gero,
swarane nganti keprungu tekan ing Yahas.
Awit saka iku para wong ing Moab kang sikep
gegaman padha nguwuh-uwuh,
nyawane gumeter.
5 Aku mbengok marga saka Moab;
wong kang ngungsi wus padha tekan ing
Zoar, ing Eglat-Selisia.

Lah wong padha ngunggahi
unggah-unggahan Luhit kalawan nangis;
lan ana ing dalan kang menyang Horonaim
wong padha njerit marga tinempuh ing sangsara.
6 Lah kali ing Nimrim dadi sat, dadi pasamunan
sukete wus aking, suket enom wus entek,
thethukulan wus ora ana kang ijo.
7 Marga saka iku sakehing bandha kang ditumpuk
lan samubarang kabeh kang disimpen
padha digawani menyang ing sabrange kali Haarabim.
8 Lah panjerite mau bakal keprubu ing sawewengkone Moab kabeh,
pangadhuhe keprungu nganti tekan ing Eglaim,
malah nganti tekan ing Beer-Elim.
9 Lah banyu ing Dibon wus kebak getih,
nanging kang tumempuh marang Dibon
iku bakal Sunwuwuhi maneh,
yaiku singa bakal ndekep para wong kang bisa oncat saka ing Moab
lan kang isih ana ing tanah kono.

16 1 Wong-wong padha ngirimake cempe
marang pamarentahing nagara,
saka ing Sela ngliwati pasamunan
menyang ing gununge putri Sion.
2 Kaya manuk kang mabur lunga,
lan isining susuh kang kagusah,
kaya mangkono anake wadon Moab

ing pasabrangan-pasabranganing kali
Arnon.
3 “Menehana pitutur,
nggegegana wewenang,
dadia pangeyuban kang edhum
ing wayah tengange;
wong-wong kang kabuwang padha umpetna,
aja medharake bab wong kang padha
keplayu!
4 Para wong kang kabuwang saka ing Moab
cikben padha mondhok ing panggonanmu,
dadia papan pandhelikane wong-wong iku
tumrap kang arep nyirnakake!
Samangsa pangroda-peksa wus ora ana,
pangrusak wus kapungkur
lan wong ambek siya wus sirna saka ing
nagara,
5 banjur ana dhampar kang bakal kaadegake
marga saka sih-kadarman
lan iku bakal tansah dilenggahi ana ing
tarube Sang Prabu Dawud
dening sawijining hakim kang njejegake
kaadilan,
lan kang enggal-enggal nindakake
kabeneran.”
6 Aku wus padha krungu bab angkuhe Moab,
pancen angkuh banget iku,
bab kumlungkunge, angkuhe lan sumengite,
sarta anggone ngoceh kang ora bener.
7 Mulane cikbene wong Moab ngadhuh-adhuh,
kang siji marga saka sijine, cikben
kabeh padha ngadhuh-adhuh.

Marga kelingan marang kuwih kismis saka ing Kir-Hareset
cikben padha sesambat lan remuk babar pisan!
8 Amarga kebon-kebon ing Hesybon lan wit anggur ing Sibma
wus padha nglayung;
para kang nyekel pangwasa tumrap bangsa-bangsa
wus padha mbabadi wit-wite anggur kang becik dhewe,
kang biyen ngembyah tekan ing Yaezer
lan mrambat tekan ing pasamunan;
pang-pange pating tlolor
tekan ing sabranging sagara.
9 Mulane aku melu nangis kaya Yaezer
marga saka wit anggur ing Sibma mau;
kowe arep daktelesi kalawan eluhku,
he Hesybon lan Eleale,
amarga ing mangsa ketiga trep ing mangsa panen
mungsuhmu nempuh kalawan alok perang.
10 Wus sirna kabungahan lan surak-surak
saka ing kebon wowohan;
wus ilang saka ing kebon-kebon anggur
swara giyak-giyak lan surak-surak;
wus ora ana kang ngidak-idak ing papan pameresan,
anggone sumyak-sumyak wus leren.
11 Awit saka iku kaya dene cumengkling ing clempung,
iya kaya mangkono panjeriting atiku ndeleng kaanane Moab,

lan batinku rontog nyumurupi kaanane
Kir-Heres.
12 Mulane sanadyan Moab ngibadah
lan dilabuhi ngrekasa banget ana ing
tengger pangurbanan
lan lumebu ing pasucene prelu ndedonga,
ora bakal oleh apa-apa.
13 Yaiku pangandika kang kalairake dening
Sang Yehuwah bab Moab ing wektu kepungkur.
14 Mulane saiki Pangeran Yehuwah ngandika
mangkene: "Ing sajroning telung taun, manut
wektu panyambut-gawene prajurit opahan,
kamulyane Moab kalawan karameane kang
gedhe, bakal dadi cecamahan, lan wong kang
kari bakal sethithik banget lan ora kwasa."

Wangsit tumrap Damsyik lan Efraim

17:1-11

17 1 Wangsit tumrap Damsyik.
Sanyata Damsyik ora bakal lestari dadi
kutha,
mengko bakal dadi tumpukan jugrugan;
2 kampung-kampunge bakal disuwungake
ing salawase
lan bakal dadi papan kanggo pepanthaning
raja kaya,
kang mlegung kalawan ora karidhu ing
sapa-sapa.
3 Efraim bakal kelangan beteng-betenge,
lan pangwasaning karajan bakal sirna saka
ing Damsyik,
uga kekarene Aram bakal sirna kabeh

padha kaya kamulyane wong Israel,
mangkono pangandikane Sang Yehuwah,
Gustining sarwa tumitah.
4 Ing wektu iku kamulyane Yakub bakal suda,
lan kemakmurane bakal susut;
5 kaanane kaya gandum kang digegem arep
dieneni
lan tangane methiki wewulen,
utawa kaya wewulen kang dipethik ing wong
ana ing lembahe wong Refaim.
6 Iku bakal ana turahane kanggo asagan
kaya nalika wong ngerog woh jaitun,
ana siji loro kang kari ing pucuke,
lan ana sawatara ing pang-pange,
mangkono pangandikane Sang Yehuwah,
Gusti Allahe Israel.
7 Ing wektu iku manungsa bakal mandeng
marang Panjenengane kang nitahake,
lan mripate bakal nyawang marang Kang
Mahasuci, Gusti Allahe Israel; 8 ora bakal
mandeng marang misblyah-misbyah gaweane
tangane dhewe, lan ora bakal nyawang
marang garapaning tangane, yaiku tugu-tugu
brahala lan padupan-padupan.
9 Ing wektu iku kutha-kuthanira bakal
kasuwungake kaya kutha-kuthane wong Hewi
lan wong Amori kang padha ditinggal marga
saka wong Israel, satemah banjur dadi sepi
mamring.
10 Awit sira wus lali marang Gusti Allah kang
wus paring kaslametan marang sira,
lan ora eling marang gunung paranging
kakuwatanira.

Mulane sanadyan sira yasa taman kang endah
kang sira tanduri cangkokan saka ing nagara manca,
11 sanadyan nalika sira tandur sira ndadekake suburing thukule,
lan ing wektu esuk anggonira nandur cangkokan ndadekake kembange,
nanging panenane bakal enggal sirna ing dinaning pilara
lan sangsara kang ngedab-edabi.

Wangsit tumrap Asyur

17:12-14

12 Bilai! Gumerahe bangsa-bangsa akeh,
kang padha gumeder kaya ombaking sagara kang gumleger!
Ramening suku-suku bangsa,
kang padha rame kaya gumuruhing banyu kang ngedab-edabi.
13 Para suku bangsa padha gumerah kaya gumuruhing banyu gedhe;
nanging Pangeran Yehuwah paring deduka,
satemah banjur padha lumayu adoh,
kalawan kesusu kaya mrambut ing panuton kang kabur ing angin,
lan kaya dhedhak katiyup ing lesus.
14 Bareng ngarepake sore, lah ana pagiris!
Sadurunge esuk, wus ora ana kabeh!
Yaiku pandumane wong-wong kang padha ngrayah kita,

sarta iya iku kang katemtokake tumrap
para wong kang ngrampasi kita.

Wangsit tumrap Etiopia

18:1-7

18 [1] Bilai! Nagara kumrisiking swiwi
ing sabranging kali-kali ing tanah
Etiopia,
[2] kang ngirimake duta-duta ngliwati sagara
kalawan prau-prau pandhan ngliwati
lumahing banyu!
Mangkata, he para utusan kang cukat,
nemonana bangsa kang dhuwur dedege
lan kang klimis pakulitane,
golongan kang diwedeni ana ing ngendi-endi
yaiku bangsa kang wulet lan ambek siya,
kang nagarane ketrajang ing kali-kali!
[3] He sakehing wong kang manggon i ing
donya,
he para wong kang manggon ing bumi!
Samangsa gendera kaedegake ing
gunung-gunung, padha delengen;
samangsa kalasangka kaunekake, padha
ngrungokna!
[4] Amarga mangkene pangandikane Sang
Yehuwah marang aku:
“Ingsun bakal mirsani saka ing papan
padalemaningSun kalawan ora ebah,
kayadene hawa panas kang umob ing wektu
panas gumemplang,
kayadene pedhut ing panasing mangsa
panen.”

5 Awit sadurunge ungsum wowohan,
manawa wektune kembang wus kepungkur,
lan dhompolaning pentil wus dadi woh
anggur kang meh mateng,
Pangeran Yehuwah bakal ngethoki
pang-pange kalawan arit,
lan carang-carange kakethokan lan
kasingkirake.
6 Iku kabeh bakal ditinggal tumpukan
kanggo manuk galak ing pagunungan,
lan kanggo kewan-kewan ing alas.
Ing mangsa panas manuk-manuk galak
bakal padha manggon ing kono
tuwin sakehe kewan ing alas ing mangsa
bedhidhing.
7 Ing wektu iku uga pisungsung bakal
dicaosake marang Pangeran Yehuwah, Gustine
sarwa tumitah dening bangsa kang dhuwur
dedege lan klimis pakulitane lan dening bangsa
kang ana ing ngendi-endia diwedeni, yaiku
bangsa kang kakuwatane wulet lan ambek
siya, kang nagarane ketrajang ing kali-kali,
menyang ing padalemane Sang Yehuwah
Gustine sarwa tumitah, yaiku gunung Sion.

Wangsit tumrap Mesir

19:1-25

19 1 Wangsit tumrap Mesir.
Lah Sang Yehuwah nitih mega kang
rikat
lan tedhak menyang ing tanah Mesir;

para brahala ing Mesir padha gumeter ana ing ngarsane,
lan atine wong Mesir remuk ana ing badane.
2 Ingsun bakal damel wong Mesir nglawan padha wong Mesir,
supaya padha perang, saben wong nglawan sadulure
lan saben wong nglawan mitrane,
kutha nglawan kutha,
karajan nglawan karajan;
3 semangate wogn Mesir banjur ilang,
rancangane bakal Sunkisruhake;
banjur bakal padha njaluk pituduh marang para brahala lan marang juru japa-mantra,
marang arwah lan marang roh kang memeca.
4 Ingsun bakal ngulungake wong Mesir
marang ing tangane bendara kang ambek siya,
lan ratu kang kereng bakal masesani bangsa iku;
mangkono pangandikane Sang Yehuwah Gustining sarwa tumitah.
5 Banyune bengawn Nil bakal entek,
lan bengawan iku bakal dadi asat nggereng,
6 satemah susukan-susukan bakal mambu bacin,
lan cawangan-cawanganing bengawan Nil bakal dadi cethek lan asat,

glagah lan rayung bakal padha mati lan
rubuh.
7 Suket ing pinggiring bengawan Nil
lan apa kang kasebar ing lebaking
bengawan mau
bakal dadi aking, katiup ing angin lan wus
ora ana maneh.
8 Para juru amek iwak bakal padha sesambat
lan susah,
yaiku sakehe wong kang padha mancing
ing bengawanl Nil;
sakehe wong kang njala ana ing kono
bakal padha ngenes uga.
9 Wong-wong kang gawe lena bakal padha
kawirangan,
mangkono uga para wong nenun mori.
10 Wong kang padha nenun bakal remuk
atine,
sakehe buruh bakal sedhih atine.
11 Para panggedhe ing Zoan iku padha
bodho-bodho,
para juru pirembage Pringon kang
wicaksana dhewe padha nyaosi
pamrayoga kang bodho.
Kapriye dene sira padha bisa matur marang
Pringon:
“Kawula punika anakipun para tiyang
wicaksana,
turunipun para ratu ing jaman kina?”
12 Endi wong-wongira kang wicaksana?
Iku cikben padha pratela marang sira lan
aweh weruh apa kang wus kaputus

dening Sang Yehuwah Gustining sarwa
tumitah tumrap Mesir.
13 Para panggedhe ing Zoan tumindake
gemblung,
para panggedhe ing Memfis wus padha
kapusan;
para pangareping suku-sukune
wus padha mbingungake Mesir.
14 Pangeran Yehuwah wus ngesokake ana ing
tengahe
sawijining roh kang ngisruhake,
lan iku padha gawe bingunging Mesir ing bab
pambudidayane kabeh,
nganti kaya wong mendem kang mumet
nalika mutah-mutah.
15 Lan ora ana kang kasil satindake Mesir
kang dilakoni dening panggedhe lan
panganut,
dening pangarep lan wong lumrah.

16 Ing nalika iku para wong Mesir bakal padha
kaya wong wadon; bakal padha gumeter
lan kaget marga saka astane Pangeran
Yehuwah Gustining sarwa tumitah kang
kaagagake marang wong-wong mau.
17 Tanah
Yehuda banjur bakal nukulake pagiris ana ing
satengahe wong Mesir, lan sapa bae kang eling
marang wong-wong mau bakal kaget marga
krungu bab pancasaning Yehuwah Gustining
sarwa tumitah, kang wus kadamel tumrap
wong-wong iku.

18 Ing wektu iku ing tanah Mesir bakal ana
kutha lima kang caturane nganggo basa
Kanaan lan kang sumpah demi Sang Yehuwah

Gustine sarwa tumitah. Panunggalane ana siji
kang bakal kasebut Ir-Kheres.
19 Ing wektu iku ing satengahe tanah Mesir
bakal ana misbyah kagem Sang Yehuwah
lan tugu pengetan kagem Sang Yehuwah
kang dumunung ing tapel-watese. 20 Iku
bakal dadi tandha paseksen kagem Sang
Yehuwah Gustining sarwa tumitah ana ing
tanah Mesir: manawa padha sesambat marang
Pangeran Yehuwah marga saka kang padha
nindhes, Panjenengane banjur bakal paring
sawijining juru-slamet marang wong-wong
mau, kang bakal tumandang lan ngluwari.
21 Sang Yehuwah bakal nglairake sarirane
marng wong Mesir lan wong Mesir ing nalika
iku bakal wanuh marang Pangeran Yehuwah;
bakal padha ngibadah kalawan nyaosi kurban
sembelehan lan kurban dhaharan, sarta
bakal nyaosake nadar marang Sang Yehuwah
tuwin iku bakal diluwari. 22 Wong Mesir
bakal dirangket dening Sang Yehuwah, bakal
dirangket, banjur diwarasake; nuli bakal
padha mratobat marang Sang Yehuwah, tuwin
Panjenengane bakal ngabulake pandongane
lan nyarasake wong-wong mau.
23 Ing wektu iku bakal ana dalan gedhe saka
ing Mesir menyang ing Asyur, satemah wong
Asyur bisa lumebu ing Mesir lan wong Mesir
bisa lumebu ing Asyur, sarta wong Mesir bakal
ngabekti bebarengan karo Asyur.
24 Ing wektu iku Israel bakal dadi kang katelu
sawuse Mesir lan Asyur, sawijining berkah ana
ing bumi, 25 kang diberkahi dening Pangeran

Yehuwah, Gustining sarwa tumitah kalawan
pangandika: “Binerkahana Mesir, umatingSun,
lan Asyur, pakaryaning astaningSun, sarta
Israel warisaningSun.”

Wangsit tumrap Mesir lan Etiopia

20:1-6

20 1 Ing taun nalika panggedhening
wadya-bala kang diutus dening Sang
Prabu Sargon, ratu ing Asyur, nglurugi perang
lan ngrebut Asdod, 2 ing wektu iku Pangeran
Yehuwah paring pangandika lumantar Nabi
Yesaya putrane Sang Amos. Mangkene
pangandikane: “Sira lumakua, sandhangan
bagor ing lambungira iku aja sira anggo
mangkono uga trumpahing sikilira.” Iku iya
banjur kaestokake, lumampah kalawan lukar
lan tanpa trumpah.
3 Pangeran Yehuwah ngangdika: “Kayadene
anggone abdiningSun Yesaya lumaku kalawan
wuda lan tanpa trumpah telung taun lawase
minangka pratandha lan ngalamat tumrap
Mesir lan Etiopia, 4 mangkono uga raja Asyur
bakal nggiring wong Mesir dadi tawanan, lan
wong Etiopia kayadene wong buwangan, tuwa
lan enom, kalawan wuda lan tanpa trumpah
tuwin katon bokonge, dadi kawirangane tanah
Mesir. 5 Wong-wong banjur bakal padha kaget
lan wirang marga saka Etiopia, kang dadi
bakuning pangarep-arepe, lan marga saka
Mesir kang dadi kamongkogane. 6 Sarta wong
ing pasisir iki bakal celathu ing wektu iku: Lah

mangkene kadadeane para wong kang padha dadi pangarep-arep kita, kang kita ungseni kita jaluki pitulungan supaya diuwalake saka raja ing Asyur. Kapriye bisane kita oncat?”

Wangsit tumrap Babil

21:1-10

21 1 Wangsit tumrap “pasamunan ing pinggir sagara”.
Kayadene lesus anggone gumrubug ngliwati
Tanah Negeb,
kaya mangkono tekane saka ing ara-ara
samun,
saka ing nagara kang nggegirisi.
2 Ana wahyu kang bengis kang wus
kawangsitake marang aku:
“Si penggarong nggarong, si pengrusak,
ngrusak!
Majua, he Elam, kepungen, he Madai!
Sakehing pangesah kang kalirake wus
Sunsirep.”
3 Mulane lambungku lara banget,
aku lara mules
kaya mulesing wong wadon kang manak;
aku mringkus-mringkus, ora krungu maneh,
aku kaget, ora ndeleng maneh.
4 Atiku ngolang-ngaling, aku kalimputan ing
rasa trataban,
wayah bengi kang tansah dakangen-angen
iku saiki gawe geterku.
5 Wong padha ribut nata pasugatan,

nata palenggahan, dhaharan, pangunjukan
...
Dumadakan keprungu: “He para panggedhe!
Samektaa ing perang, lenganana
tamenge!”
6 Amarga mangkene pangandikane Pangeran
marang aku:
“Sira lungaa, masanga wong jaga,
apa kang kadeleng kudu dikandhakake.
7 Samangsa sumurup prajurit jaranan
sagelengan, ngloro-ngloro,
wadya-bala nunggang kuldi, wadya-bala
nunggang unta,
iku kudu diwaspadakake temenan,
kalawan nastiti banget.”
8 Wasana kang ndeleng iku nguwuh-uwuh:
“Wonten ing panggung panjagen,
dhuh bendara kula,
kula tansah ngadeg sadinten muput,
tuwin wonten ing papan panjagen kula
kapanjer
ing saben dalu.”
9 Lah punika sampun wonten prajurit
sagelengan ingkang dhateng,
wadya-bala kapalan!
Wong mau banjur nguwuh-uwuh maneh:
“Sampun rebah, Babil sampun rebah,
tuwin sakathahing recanipun brahala sampun
karemukaken
saha pating slebar wonten ing siti.”
10 He bangsaku kang wus kaidak-idak lan
kainjek-injek

apa kang dakrungu saka Pangeran
Yehuwah Gustining sarwa tumitah,
Gusti Allahe Israel,
wus daksumurupake marang kowe.

Wngsit tumrap Duma

21:11-12

11 Wangsit tumrap Duma.
Ana wong kang nguwuh-uwuh marang aku
saka ing Seir:
"He wong jaga, apa wengine isih suwe?
He wong jaga, apa wengine isih suwe?"
12 Wong jaga iku mangsuli:
"Bakal esuk, nanging uga bakal bengi.
Manawa kowe padha arep takon,
tekaa lan padha takona maneh sapisan
engkas!"

Wangsit tumrap tanah Arab

21:13-17

13 Wangsit tumrap tanah Arab.
Kowe bakal padha nginep ana ing alas ing
tanah Arab,
he kapilah-kapilahe wong Dedan!
14 He wong kang manggon ing tanah Tema,
padha metua, wong kang ngelak
wenehana banyu,
wong kang keplayu pethuken kalawan roti.
15 Amarga wong iku padha lumayu nyingkiri
pedhang,
pedhang kang kaunus,

gendhewa kang kapenthang,
lan peperangan kang nggegirisi.
16 Awit mangkene pangandikane Pangeran
marang aku: “Sanjrone sataun maneh, manut
wektu panyambut-gawene prajurit opahan,
sakehing kamulyane Kedar bakal sirna. 17 Lan
prajurite panahan bangsa Kedar kang gagah
prakosa bakal mung kari saththik cacahe,
sabab Sang Yehuwah Gusti Allahe Israel wus
ngandika mangkono.”

Sembranane wong kang manggon ing Yerusalem

22:1-14

22 1 Wangsit tumrap “lebaking wahyu”.
Ana apa ta, dene sakehe wongmu
padha munggah ing payon-payoning
omah,
2 he kutha kang surak-surak rame lan
gembira gumuruh,
he nagara kang bungah-bungah?
Wongmu kang padha mati iku ora marga
mati dening pedhang,
lan ora gugur ana ing peperangan.
3 Panggedhemu padha lumayu kabeh,
padha katawan ora sarana kapanah;
wong-wong kang prakosa padha katawan,
sanadyan wus padha lumayu adoh banget.
4 Mulane aku celathu:
“Aku aja koktolih,
etogna bae anggonku nangis kepati;
aja meksa aku supaya kau kelipur

ing bab patine putrining bangsaku.”
5 Sabab Pangeran, Sang Yehuwah Gustining
sarwa tumitah wus netepake dinane:
Panjenengane bakal nggegerake,
ngidak-idak lan ngisruhake wong,
tembok ing “lebaking wahyu” bakal
kajugrugake
sarta panjerit njaluk tulung ngumandhang
tekan ing pucaking gunung!
6 Elam wus nggendhong endhonge,
Aram teka nggawa wadya-bala kretan lan
jaranan,
lan Kir nguculi bunteling tameng.
7 Lebak-lebakmu kang endah dhewe bakal
kebak kreta,
lan wadya-bala jaranan baris ana ing
ngarepe gapura,
8 sarta Yehuda kelangan pangayoman.
Ing wektu iku kowe ngawasake
marang praboting perang ing “Gedhong
Alas”;
9 kowe padha sumurup,
manawa temboke kuthane Sang Prabu
Dawud wus bengkah-bengkah akeh
sarta kowe padha nadhahi banyu ing
blumbang ngisor;
10 kowe padha ngetung omah-omah ing
Yerusalem,
lan omah-omah banjur padha kokbubrahi
kanggo nyantosakake tembok;
11 kowe gawe papan tandhon banyu ana ing
antarane tembok loro mau

kanggo ngwadhahi banyu ing blumbang
kang lawas;
nanging kowe ora padha tumenga marang
Panjenengane kang yasa iku,
lan ora ndeleng marang Panjenengane
kang wus mangun iku wiwit biyen mula.
12 Ing nalika iku Pangeran, Sang Yehuwah
Gustining sarwa tumitah
dhawuh marang wong supaya nangis
lan sesambat kalawan gundhul lan
manganggo bagor;
13 nanging lah, ing satengahe tinemu
kabungahan lan suka-suka,
njagal sapi lan nyembeleh wedhus,
mangan iwak lan ngombe anggur, kalawan
nguwuh:
"Ayo padha mangan lan ngombe,
awit sesuk kita padha mati!"
14 Nanging Sang Yehuwah, Gustine sarwa
tumitah banjur paring wangsit marang
aku lan ngandika mangkene:
"Kaluputanira iki sanyata ora bakal kaapura,
nganti sira padha mati,"
mangkono pangandikane Pangeran,
Gustining sarwa tumitah.

Bab Sebna lan Elyakim

22:15-25

15 Mangkene pangandikaning Pangeran,
Gustining sarwa tumitah:
"Ayo sira nemonana panggedhene kraton
iki,

Sebna kang ngurus kraton lan pratelaa:
16 Sira duwe kapreluan apa, lan duwe gegayutan karo sapa ana ing kene,
dene sira kok ndhudhuk kuburan kanggo kowe ana ing kene,
he kang ndhudhuk kuburane ing panggonan kang dhuwur,
kang natah panggonane ing gunung parang?
17 Lah Pangeran Yehuwah bakal nguncalake sira nganti adoh banget, he manungsa!
Sira bakal kacepeng kalawan kenceng,
18 lan bakal kagulung kenceng dadi gulungan
sarta kaglundhungake kaya bal,
menyang ing tanah kang amba;
ana ing kono sira bakal mati, lan ana ing kono dununge kreta-kreta kamulyanira,
he sira kang gawe wiranging brayate gustinira!
19 Ingsun bakal njongkengake sira saka ing kalungguhanira,
lan sira bakal kalungsur saka ing pangkatira.
20 Ing nalika iku Ingsun bakal nimbali abdiningSun,
Elyakim anake Hilkia:
21 Iku bakal Sunenggoni jubahira
lan sabukira bakal Sunubetake ing lambunge,
tuwin pangwasanira bakal Sunparingake marang ing tangane;
dheweke banjur bakal dadi bapa
tumrap wong ing Yerusalem

lan tumrap turune Yehuda.
22 Soroge kadhatone Dawud bakal
Sunampilake ing pundhake;
manawa wong iku ngengakake, ora ana
kang bisa nginebake;
manawa nginebake, ora ana kang bisa
ngengakake.
23 Ingsun bakal maringi kalungguhan kang
santosa marang dheweke,
kayadene canthelan kang kapasang kukuh
ana ing tembok;
mulane banjur dadi palungguhan kang mulya
tumrap kulawargane.
24 Sabanjure bakal mikul
sakehe tanggung jawab tumrap
kulawargane,
semen lan trubusan
dalasan sakehe piranti kang cilik,
wiwit saka bokor nganti grabah pisan.
25 Ing nalika iku, mangkono pangandikane
Sang Yehuwah Gustining sarwa tumitah,
canthelan kang kapasang kukuh ana ing
panggonan kang kukuh iku bakal ora
kukuh maneh,
satemah banjur tugel lan tiba,
lan sakehe tanggungane iku bakal lebur,
amarga Pangeran Yehuwah wus ngandika
mangkono.”

Wangsit tumrap Tirus lan Sidon

23:1-18

23 1 Wangsit tumrap Tirus.
Ngadhuh-adhuha, he kapal Tarsis,
sabab Tirus wus rusak,
omahmu utawa pelabuhanmu wus ora ana!
Nalika isih padha ana ing nagarane wong Kitim
bab iku wus disumurupake.
2 Padha dheleg-dhelega, he kang padha manggon ing pasisir,
he sudagar Sidon,
kongkonamu padha nyabrang ing sagara,
lan lelayar ing samodra gedhe;
3 barang-barang kang dilebokake marang Sidon yaiku gandum saka ing Sihor,
lan pametune wilayah Nil,
satemah kutha iku dadi pasar kanggo para bangsa.
4 Nandhanga wirang, he Sidon, sabab sagara,
betenge sagara, celathu mangkene:
“Aku ora tau uwat lan ora tau manak,
aku ora tau nggulawenthah jejaka
lan ora tau ngopeni prawan-prawan.”
5 Samangsa kabar bab Tirus iku tekan ing Mesir,
wong-wong bakal padha gumeter krungu bab iku.
6 Padha ngungsia menyang ing Tarsis,

padha sesambata, he kang padha
manggon ing tanah pasisir!
7 Iki apa kuthamu kang sumyak-sumyak,
kang asale saka ing jaman kuna?
Wonge wus padha lunga menyang ing
panggonan kang adoh
lan dadi wong neneka ana ing kana.
8 Sapa kang mutus mangkene iki
tumrap Tirus, kutha kang tau ngganjar
makutha,
kang sudagar-sudagare para panggedhe
lan wong-wonge kang dagang para wong
mulya ing bumi?
9 Pangeran Yehuwah Gustining para tumitah
kang wus damel putusan mangkono
kanggo nyirnakake piangkuh,
kanggo ngesorake sakehe kang endah
lan sakehe wong mulya ing bumi.
10 Garapen pategalanmu kaya kang ana ing
pinggiring bengawan Nil, he putri Tarsis,
panggonan-panggonan kanggo ndandani
kapal wus ora ana!
11 Pangeran Yehuwah wus ngayatake astane
marang ing sagara
lan damel karajan-karajan padha gumeter;
Panjenengane wus dhawuh
supaya bettenge Kanaan padha
kasirnakake.
12 Sarta wus ngandika:
“Sira ora bakal bungah-bungah maneh,
he prawan kang wus karusak, he putri
Sidon!
Ngadega, ngungsia marang wong Kitim!

Ana ing kono uga bakal ora ana panggonan
kang nyenengake tumrap sira.”
13 Delengen nagarane wong Kasdim! Iya
bangsa iku kang nindakake mangkono, dudu
wong Asyur. Iku kang padha ngulungake Tirus
marang kewan-kewan ing ara-ara samun;
iku wus padha ngedegake menara-menara
pangepungan lan wus nggempur puri-purining
kutha iku sarta ndadekake gempuran kutha
iku.
14 Sesambata, he kapal-kapal Tarsis,
sabab betengmu wus karusak.
15 Ing nalika iku Tirus bakal ora dielingi pitung
puluh taun lawase, padha karo yuswaning
ratu. Sawuse pitung puluh taun, Tirus bakal
ngalami apa kang tumanduk marang wanita
tunasusila kang kamot ing kekidungan iki:
16 “Nggawaa clempung,
ngubengana kutha,
he wanita tunasusila kang wus ora
kaelingan!
Unekna kang apik,
sesindhena kang warna-warna,
supaya kowe dielingi ing wong.”
17 Lan sawuse kliwat pitung puluh taun, Sang
Yehuwah bakal nggalih marang Tirus, satemah
banjur tampa opahing kanisthane maneh,
lan banjur bakal tumindak nistha maneh
karo sakehing karajan ing salumahing bumi.
18 Babathene lan opahing kanisthane bakal
suci kagem Sang Yehuwah, ora bakal diendheg
utawa disimpen, nanging bebathene iku
bakal kanggo nganakake pangan kang cukup

lan sandhangan kang endah kanggo para wong kang padha manggon ing ngarsaning Yehuwah.

PAMECA BAB WEKASANING JAMAN

BAB 24-27

Bumi kalebur

24:1-23

24 [1] Lah bumi bakal didadekake suwung dening Sang Yehuwah
lan bakal kalebur,
lemahe bakal kawalik,
sarta kang manggon bakal padha kabuyarake.
[2] Nasibing imam bakal kaya rakyat,
nasibing lurah bakal kaya batur lanang,
nasibing lurahe wadon bakal kaya batur wadon,
nasibing wong kang adol bakal kaya kang tuku,
nasibe wong kang nyilihake bakal kaya kang nyilih,
nasibe wong potang bakal kaya kang utang.
[3] Bumi bakal kadadekake ludhes babar pisan,
lan bakal dijarah-rayah entek-entekan,
awit Sang Yehuwah kang ngandika mangkono.
[4] Bumi katon susah alum,
malah jagad banjur nglayung layu,

langit lan bumi nglayung bebarengan.
5 Bumi dadi najis marga saka kang ngenggoni,
amarga padha nglanggar angger-angger,
ngowahi katetepan lan nyelaki prajanjian kang langgeng.
6 Mulane bumi bakal kamangsa ing ipat-ipat,
lan kang ngenggoni bakal oleh paukuman;
awit saka iku kang ngenggoni bumi bakal geseng sirna,
lan manungsa bakal mung kari sathithik.
7 Anggur ora gawe bingar maneh,
wite anggur nglayung,
lan sakehe wong kang bungah atine bakal sesambat.
8 Swaraning trebang kang gambira wus leren,
ramene wong kang sumyak-sumyak wus sirep,
lan swaraning clempung kang girang wus leren.
9 Wong kang ngombe anggur ora kalawan kekidungan maneh,
arak dadi pait tumrap wong kang ngombe.
10 Kutha kang kisruh kaanane wus lebur,
saben omah wus tutupan ora kena dileboni.
11 Wong padha njerit ana ing dedalan awit ora ana anggur,
sakehing kasenengan wus sirna,
gambiraning bumi wus ilang.
12 Kang tinemu ana ing kutha mung karusakan,
gapurane wus kagempur lan jugrug.

13 Amarga iki bakal kelakon ana ing bumi,
ana ing satengahe para bangsa,
yaiku kaya ing nalika wong ngerog woh jaitun,
kaya ing nalika ngasag ing sarampunging panen anggur.
14 Wong-wong padha surak-surak sora,
marga saka kaluhurane Sang Yehuwah,
padha nguwuh-uwuh seru saka ing sisih kulon:
15 "Mulane Pangeran Yehuwah kamulyakna ana ing nagara-nagara wetanan,
asmane Sang Yehuwah, Gusti Allahe Israel,
ana ing tanah-tanah ing sapinggiring sagara!"
16 Saka ing poncoting bumi aku padha krungu kekidungan:
"Kamulyan kagem Kang Mahaadil!"
Nanging aku celathu: "Aku kuru nglayung,
kuru nglayung aku. Bilai aku!
Sabab para panggarong padha nggarong,
malah tanpa leren anggone nggarong!"
17 He para kang manggon ing bumi,
kowe bakal padha ketaman ing pagiris,
bakal padha kecemplung ing luweng lan kena ing kala jiret.
18 Ing kono sing sapa lumayu marga saka swara kang ngagetake iku
bakal kecemplung ing luweng,
lan kang munggah saka ing luweng
bakal kena ing kala jiret.
Amarga cendhela-cendhelaning langit bakal padha kawengakake

lan dhasar-dhasaring bumi bakal padha gonjing.
19 Bumi remuk bubuk,
bumi gempur ajur
bumi gonjang-ganjing.
20 Bumi sempoyong-sempoyong kaya wong mendem
lan gonjing kaya gubug katiyup ing angin;
dosaning pambalelane tumempuh nggegirisi,
mulane banjur rubuh lan ora bakal ngadeg maneh.
21 Ing nalika iku Pangeran Yehuwah tumuli bakal ngukum
wadya-balaning langit ing langit
lan para ratuning bumi ing bumi.
22 Iku bakal padha kaklumpukake bebarengan,
kayadene tahanan kang kalebokake ing luweng;
bakal padha kalebokake ing pakunjaran
lan bakal padha kaukum sawuse antara lawas.
23 Rembulan purnama bakal rumangsa isin,
lan srengenge kang panase ngedab-edabi bakal nandhang wirang,
amarga Sang Yehuwah Gustining sarwa tumitah bakal ngasta paprentahan
ana ing gunung Sion lan ing Yerusalem,
sarta bakal ngatingalake kamulyane
ana ing ngarepe para pinituwane umate.

Ngunjukake panuwun marga mungsuh wus sirna

25:1-5

25 [1] Dhuh Pangeran Yehuwah, Paduka
punika ingkang dados Allah kawula;
kawula badhe ngluhuraken Paduka, badhe
ngrepekakaken kidung panuwun kagem
asma paduka;
amargi kalayan setya lan santosa anggen
Paduka sampun nindakaken rancangan
paduka ingkang elok
ingkang wontenipun sampun wiwit ing kina
mila.
[2] Awit kitha punika sampun Paduka
dadosaken tumpukan sela,
saha kitha-beteng punika dados jugrugan;
purining bangsa manca sampun sanes kitha
malih,
lan boten badhe kabangun malih ing
salaminipun.
[3] Mila satunggaling bangsa ingkang santosa
badhe ngluhuraken Paduka;
kithaning para bangsa ingkang prakosa
badhe ajrih-asih dhumateng Paduka.
[4] Amargi Paduka dados papan
pangungsenipun para tiyang ingkang
sekeng,
dados papan pangungsenipun tiyang
miskin ing salebeting karupekanipun,
dados pangayoman tumrap wontenipun
prahara,

dados pangeyuban manawi pinuju benter
sumelet,
awit kanepsonipun para tiyang ingkang
prakosa gumunggung
punika kadosdene prahara ing mangsa
asrep,
5 kados benter gumeplang ing papan
garing.
Gumederipun para tiyang ngamanca Paduka
kendelaken;
kadosdene benter sumelet ingkang
kasirnakaken dening aubing mega,
inggih makaten anggening kekidunganipun
para tiyang ingkang prakosa
gumunggung sami kasirep.

Kaslametaning para bangsa ing Sion

25:6-12

6 Pangeran Yehuwah Gustining sarwa dumadi
ana ing gunung Sion kene bakal nganakake
bujana kanggo sakehing bangsa
arupa olah-olahan kang gurih,
bujana kang awujud anggur lawas,
olah-olahan kang gurih lan mawa sungsum,
anggur lawas kang kasaring endheg-
endhege.
7 Lan ana ing gunung kene Sang Yehuwah
bakal nyuwek-nyuwek
sandhangan bagor kang kaenggokake
marang sakehing suku bangsa
lan kemul kang dikemulake
marang sakehing para bangsa.

8 Panjenengane bakal ngicali pati ing
sateruse;
tuwin Pangeran Allah bakal ngusapi eluh
saka ing sakehing rai;
sarta kawirangane umate bakal kaedohake
saka ing salumahing bumi,
awit Pangeran Yehuwah wus ngandika
mangkono.
9 Ing wektu iku bakal ana wong kang celathu:
"Iki sanyata Gusti Allah kita,
kang kita anti-anti, supaya kita kaganjar
slamet.
Iya iki Sang Yehuwah kang kita anti-anti;
ayo kita padha surak-surak lan suka-suka
marga saka pangluwaran kang
kaparingake!"
10 Marga astane Pangeran Yehuwah bakal
ngayomi gunung iki,
nanging Moab bakal kaidak-idak ana ing
panggonane dhewe,
kayadene dami kang kaidak-idak ing
luwang rereged.
11 Manawa Moab ngegarake tangane ana ing
jerone
kaya patrape wong nglangi kang ngegarake
tangane supaya bisa nglangi,
Sang Yehuwah banjur bakal ngesorake
kumlungkunge
dalasan sakehe pambudi-dayane.
12 Uwat-uwating tembokmu kang dhuwur
bakal kaebrukake lan karubuhake,
sarta kaglimpangake ing lemah lan lebu.

Kidung pangalembana marga saka pangluwaran lan pangdilan kang kaparingake dening Gusti Allah

26:1-21

26 1 Ing wektu iku kekidungan iki bakal karepekake ana ing tanah Yehuda:
“Kita kadunungan kutha kang santosa,
kanggo nylametake kita
Pangeran Yehuwah wus masang tembok
lan beteng.
2 Gapurane padha wengakna,
supaya lumebua bangsa kang bener lan
kang tetep setya!
3 Ingkang manahipun santosa
Paduka paringi tentrem rahayu,
amargi pitados dhumateng Paduka.
4 Padha kumandela marang Sang Yehuwah
ing salawase,
awit Sang Yehuwah Allah iku gunung
parang kang langgeng.
5 Amarga Panjenengane kang wus ngesorake
kang padha manggon ing papan kang
dhuwur;
kutha-beteng wus kaendhekake,
diendhekake nganti tekan ing lemah
banjur kaglimpangake ing lebu.
6 Wasana bakal kaidak-idak
ing sikile para wong sangsara
lan tlapakaning sikile para wong kang
ringkih.”
7 Marginipun tiyang leres punika lurus,

amargi Paduka ingkang miwiti
nglencengaken marginipun.
8 Dhuh Yehuwah, kawula ugi sami
ngantos-antos
titimangsa anggen Paduka nindakaken
pangadilan;
kareman kawula sadaya punika
nyebut asma Paduka saha ngenget-enget
Paduka.
9 Kalayan gumolonging nyawa anggen kawula
kangen dhumateng Paduka ing wanci
dalu,
ugi kalayan gumolonging manah anggen
kawula ngupadosi Paduka ing wanci
enjing;
awit manawi Paduka rawuh ngadili bumi,
ingkang manggen ing jagad sami badhe
sinau kaleresan.
10 Saupami tiyang duraka kaparingan
sih-palimirma,
boten badhe sinau punapa ingkang leres;
piyambakipun badhe nindakaken kaculikan
wonten ing nagari ingkang migunakaken
angger-angger,
saha boten badhe ningali kamulyanipun
Sang Yehuwah.
11 Dhuh Yehuwah, asta Paduka kaayataken,
nanging sami boten sumerep.
Kajengipun sami nyumerepi butajengan
Paduka margi saking umat Paduka
tuwin kajengipun sami nandhang wirang!
Kajengipun sami kamangsa ngantos telas

dening latu ingkang nyirnakaken mengsah Paduka!
12 Dhuh Yehuwah, kawula sami Paduka cawisi tentrem rahayu,
amargi samubarang ingkang kawula lampahi,
sadaya sami Paduka tindakaken kangge kawula sadaya.
13 Dhuh Yehuwah, Allah kawula sadaya,
bendara-bendara sanesipun nate ngwaosi kawula sadaya,
nanging namung asma Paduka kemawon ingkang sami kawula suwuraken.
14 Tiyang-tiyang wau sampun sami pejah, boten sami badhe gesang malih,
sampun sami dados arwah, boten badhe tangi malih;
saestunipun sampun sami Paduka ukum saha Paduka sirnakaken,
punapadene sadaya pangenget-enget dhateng tiyang-tiyang wau sampun Paduka icali.
15 Dhuh Yehuwah, bangsa punika sampun Paduka damel saya wewah-wewah,
umating kamulyan Paduka sampun
Paduka damel saya kathah;
nagaranipun sampun Paduka wiyaraken sanget.
16 Dhuh Yehuwah, ing salebeting karubedan sami madosi Paduka;
nalika bebendu Paduka tumempuh
dhateng tiyang-tiyang wau,

lajeng sami sesambat ing salebeting
pandonga.
17 Kadosdene tiyang estri ingkang ngandheg
ingkang sampun dumugi ing elekipun,
lajeng ngolang-ngaling sakit, ngadhuh-
adhuh margi nyakiti,
inggih makaten punika kawontenan kawula
sadaya ing suwaunipun wonten ing
ngarsa Paduka, dhuh Yehuwah:
18 Kawula sami ngandheg,lajeng
ngolang-aling sakit,
nanging kados-kados kawula sami
nglairaken angin,
kawula sami boten saged ngawontenaken
kawilujengan wonten ing bumi,
saha ingkang manggen ing jagad boten
lair.
19 Dhuh Yehuwah, para tiyang Paduka
ingkang pejah sami badhe gesang malih,
mayitipun sami badhe tangi malih.
He wong-wong kang wus padha kakubur ing
lemah,
tangia lan surak-suraka!
Sabab ebuning Yehuwah iku ebuning
pepadhang,
lan bumi bakal nglairake arwah-arwah iku
maneh.
20 He bangsaku, lumebua ing kamarmu,
sawuse lumebu lawange kancingen
ndhelika sadhela tumeka sapungkure
bebendu.
21 Awit sanyata, Pangeran Yehuwah bakal
miyos saka ing padalemane

arep ndhawahake paukuman marang para
kang manggon ing bumi marga saka
kaluputane,
sarta bumi ora bakal ndhelikake maneh getih
kang kawutahake ing kono,
ora nutupi maneh wong-wong kang padha
mati pinatenan ana ing kono.

Israel kaluwaran

27:1-13

27 1 Ing nalika iku Pangeran Yehuwah bakal
matrapi paukuman kalawan pedhange
kang atos, gedhe lan kuwat
marang Lewiatan, naga kang lumayu,
marang Lewiatan, naga kang ngleker,
sarta bakal mateni ula naga ing sagara.
2 Ing wektu iku bakal dikandhakake:
“Ngrerepia bab kebon anggur kang endah!
3 Ingsun, Yehuwah kang ngreksa;
Ingsun kang tansah nyirami.
Supaya aja ana wong kang ngrusuhi,
rina wengi Sunjaga;
4 Ingsun wus ora duka.
Manawa Ingsun nguningani piskucing lan
suket,
iku bakal Sunperangi
lan bakal Sunobong bareng,
5 kajaba manawa banjur padha ngupaya
pangayoman marang Ingsun
tuwin ngudi rukun kalawan Ingsun,
iya ngudi rukun kalawan Ingsun!”
6 Ing dina-dina kang bakal kelakon,

Yakub bakal metu oyode,
Israel bakal ngrembaka lan metu trubusane
sarta bakal ngebaki bumi kabeh kalawan pametune.
7 Apa Sang Yehuwah anggone nyirnakake umate
kaya anggone nyirnakake wong kang nyirnakake umat mau?
Utawa apa anggone mateni umate
kaya anggone mateni wong kang mateni umate mau?
8 Paduka sampun nglawan tiyang-tiyang wau, sami Paduka kesahaken saha Paduka tundhung.
Wus padha kasingkirake kalawan angine kang santer ing wektu angin wetan.
9 Mangkene iki anggone kaluputane Yakub kailangan,
lan iki wohe manawa dosane wus kaedohake:
banjur gawe sakehe watuning misbyah
kayadene watu gamping kang kapecah-pecah,
satemah ora ana maneh tugu brahala lan padupan kang isih ngadeg.
10 Amarga kutha-beteng iku dunune mencil,
sawijining papan panggonan kang disuwungake
lan ditinggal kayadene ara-ara samun;
pedhet bakal nyenggut lan mlegung ana ing kono
sarta ngentekake pang-panging wit-witan.

11 Samangsa pang-pange kang cilik-cilik wus
garing, bakal padha disempali;
nuli kaobong dening para wong wadon
kang pdha teka.
Awit iki sawijinig bangsa kang tanpa budi,
yaiku kang njalari ora kaparingan
palimirma dening kang nitahake
lan ora kinasihan dening kang mangun.
12 Ing wektu iku
Pangeran Yehuwah bakal nindakake
pangrontogan wiwit saka ing bengawan
Efrat nganti tekan ing kali Mesir,
sarta kowe kabeh bakal padha dikumpulake
siji-siji, he wong Israel!
13 Ing nalika iku
kasalangka kang gedhe bakal diunekake,
lan kang ilang ana ing tanah Asyur bakal
padha teka
mangkono uga kang kabuwang menyang
ing tanah Mesir
prelu padha sujud nyembah marang
Pangeran Yehuwah
ana ing gunung kang suci, ing Yerusalem.

YERUSALEM KARUPEKAN LAN PETHAL

BAB 28-35

Pamedhar wangsit tumrap Samaria

28:1-6

28 1 Bilai makuthane kamulyane para kang seneng mendem ing Efraim,
kembang kang wis wiwit alum ing rerengganing sirahe kang endah-endah
-- yaiku kutha kang dumunung ana ing dhuwur, ana ing gunung, ing lembah kang subur
kang kebak wong kang seneng ngombe anggur
kang wus padha mumet! --
2 Lah Pangeran kagungan sawijining wong kang rosa lan santosa,
wong kang kaya prahara kaworan udan krikil,
yaiku prahara kang ngrerusak
wong kang kaya prahara kaworan udan
kang ngedab-edabi lan ngelekake;
wong-wong mau bakal kakeplekake ing bumi kalawan rosa.
3 Makuthane kamulyaning para wong Efraim
kang seneng mendem iku bakal kaidak-idak,

4 lan kembang kang wis wiwit alum ing
rerengganing sirahe kang endah-endah
iku
-- yaiku kutha kang ana ing dhuwur
gunung, ing lebak kang subur --
iku kaanane bakal kaya woh anjir
kang mateng sadurunge mangsa ketiga:
lagi bae kasumurupan ing wong
banjur kapethik lan kaemplok.
5 Ing wektu iku Pangeran Yehwuah Gustining
sarwa tumitah
baka jumeneng dadi makuthaning
kaendahan,
lan rerengganing sirahkang endah tumrap
kakarene umate,
6 bakal jumeneng dadi rohing kaadilan
tumrap wong kang lungguh nindakake
pangadilan,
lan dadi rohing kaprawiran
tumrap wong kang ngundurake perang
nganti tekan ing gapura.

Tumrap panggedhening Yerusalem

28:7-22

7 Nanging sanadyan wong-wong ing kene
iya padha mumet marga saka anggur
lan ngelu marga saka arak
Imam utawa Nabi
mumet marga saka arak,
bingung marga saka anggur;
padha mumet marga saka arak,
mumet nalika weruh wahyu,

sempoyongan nalika aweh putusan.
8 Lah mejane kabeh kebak utah-utahan lan rereged,
temahan ora ana kang resik maneh.
9 Wong banjur celathu:
"Sapa sing arep diwulang bab kawruhe
lan sapa sing bakal diwenehi katrangan bab wahyu-wahyune?
Kaya-kaya bocah sapihan anyar
kang lagi kabethot saka susu!
10 Sabab kudu iki kudu iku,
kudu mangkene kudu mangkono,
wuwuh iki, wuwuh iku!"
11 Lah lumantar para wong kang kedaling celathune aneh
lan lumantar para wong kang migunakake basa manca
Panjenengane bakal paring pangandika marang bangsa mau,
12 Panjenengane kang wus ngandikani mangkene:
"Yaiki papan palerenan,
sira menehana papan kanggo ngaso
marang wong kang kesayahen;
iku papan kanggo ngaso!"
Nanging padha ora gelem ngrungokake.
13 Mulane bakal padha ngrungokake pangandikane Sang Yehuwah mangkene:
"Kudu iki, kudu iku,
kudu mangkene, kudu mangkono,
wuwuh iki, wuwuh iku!"

supaya sajrone lumaku banjur padha tiba
kelumah,
satemah tatu, kecekel lan ketawan.
14 Mulane rungokna pangandikane Sang
Yehuwah,
he para wong kang padha seneng nenacad,
he para wong kang mrentah rakyat
kang ana ing Yerusalem iki!
15 Ing sarehne kowe wus padha ngucap:
"Aku wus padha nganakake prajanjian
karo pati,
lan karo jagading pati
aku wus padha nganakake pasarujukan;
sanadyan cemethi acethar-cether seru,
ora bakal ngenani aku kabeh;
amarga si goroh wus padha dakdadekake
pangayomanku,
sarta aku padha asingidan ana ing
doracara,"
16 mulane mangkene pangandikane Pangeran
Yehuwah:
"Lah Ingsun mrenahake ana ing Sion
sawijining watu, watu kang wus ketitik
becik minangka tetales,
watu pepojok kang larang, tetales kang
santosa:
sing sapa pracaya, ora bakal goreh!
17 Lan kaadilan bakal Sundadosake tali
ukuran,
sarta kabeneran Sundadekake tali
panyipat;
udan watu bakal nyirnakake pangayoman
goroh,

tuwin banyu gedhe bakal nglarudake
pandhelikan.”
18 Prajanjianmu kalawan pati bakal kasuwak,
lan pasarujukanmu kalawan jagading
wong mati ora bakal terus tumindak;
manawa cemethi acethar-cether seru,
kowe bakal padha remuk kaidak-idak.
19 Kaping pira bae anggonira teka,
kowe bakal padha kaseret,
sabab iku bakal teka saben esuk,
ing wektu awan lan ing wektu bengi;
sarta mangreti marang pangandika kang
dirungu iku
ateges mung pagiris thok.
20 Sabab paturon bakal kurang dawa manawa
kanggo turu slonjor
lan kemule bakal kurang amba kanggo
ngemuli awak.
21 Sabab Pangeran Yehuwah bakal jumeneng
kaya ana ing gunung Perasim,
tuwin bakal bendu kaya ana ing lebak ing
sacedhake Gibeon,
sarta bakal nindakake pakaryane -- aneh
pakaryane iku;
lan bakal nindakake pakaryane -- aneh
pakaryane iku!
22 Mulane kowe aja padha nenacad,
supaya talining bebandanmu aja saya
kenceng,
awit aku krungu bab karusakan kang wus
tinamtokake
kang pinangkane saka Pangeran Gusti
Allah ing sarwa tumitah kang bakal

tumempuh marang saindenging nagara
iku.

Kawicaksanane Sang Yehuwah

28:23-29

23 Tilingna lan rungokna swaraku;
gatekna lan rungokna tembungku!
24 Apa saben dina wong iku anggone mluku,
maculi lan nggaru tanahe kang bakal
disebari wiji?
25 Apa ora sawise tanahe karata,
anggone ngratakake jinten ireng lan
nyebar jinten putih,
nguluri gandum juwawut lan sair
sarta wiji kusemet ana ing pinggire?
26 Bab adat pakulinan wus kaparingan
piwulang,
lan pituduh dening Allahe.
27 Amarga jinten ireng ora karontogake
nganggo piranti pangrontogan,
lan rodhaning grobag ora kanggo nggiles
jinten putih,
nanging jinten ireng karontogan kanthi
patrap digedhig kalawan watang,
lan jinten putih kalawan gebug.
28 Apa wong anggone ngrontogi iku gandume
digebugi nganti ajur?
Mesthi ora, ora terus bae digebugi nganti
ajur!
Lan sanadyan wong nglakokake ing dhuwure
gandum mau
jantrane grobag kalawan jarane,

nanging anggone nggiles ora bakal nganti
ajur.
29 Sarta iki pinangkane uga saka Sang
Yehuwah Gustining sakehe dumadi;
pepesthene iku elok
lan gedhe kawicaksanane.

Yerusalem kakepung nanging banjur kaluwaran

29:1-8

29 1 Bilai Ariel, Ariel,
kutha papan pakemahane Dawud!
Tuan gumanti taun riyaya
cikben terus-terusan dianakake.
2 Ingsun bakal damel rupeking Ariel,
satemah wong padha sesambat lan
ngadhuh-adhuh,
lan kutha iku bakal kaya prapen tumrap
Ingsun.
3 Ingsun bakal kekemah ana ing sakehing
keblat ngepung sira,
lan damel panggung-panggung pajagan
kanggo mepetake sira,
apadene bakal ngedegake pager-pager
kanggo ngepung sira.
4 Ing kono sira bakal ngesorake awakira lan
sira banjur nywara saka sajroning bumi,
tembung-tembungira keprungu lamat-
lamat saka ing sajroning lebu;
swaranira unine bakal kaya swaraning arwah
saka ing sajroning lemah,

tuwin tembung-tembungira bakal
keprungu kayadene bisik-bisik saka ing
sajroning lebu.
5 Nanging sakehe wadya-balane mungsuhira
bakal sirna ilang kaya awu kang lembut,
lan sakehe wong kang prakosa
gumunggung
bakal dadi kaya mrambut kang mawut
kabur.
Amarga dumadakan ing sakedhep netra,
6 sira bakal ndeleng rawuhe Sang Yehuwah
Gustine sakehing tumitah
kang sinartan ing gludhug, lindhu lan swara
kang ngedab-edabi,
sinartan ing lesus lan prahara
lan sinartan ing geni kang memangsa
nganti gusis.
7 Sakehing wadya-balane para bangsa
kang perang nglawan Ariel,
lan sakehe wong kang merangi kutha iku
dalah baluwartine
tuwin para wong kang ngrupeki
bakal kaya impen lan kaya wahyu ing
wanci bengi;
8 kayadene wong luwe kang ngimpi lagi
mangan,
bareng tangi wetenge isih kothong,
utawa kayadene wong ngelak kang ngimpi
lagi ngombe,
bareng tangi nyatane isih sayah, gorokane
isih ngelak,
kaya mangkono bakal kadadeane sakehe
wadya-balane para bangsa

kang perang nglawan gunung Sion.

Bangsa kang wuta

29:9-16

9 padha gumun kalawan kebak kaeraman,
mripatmu cikben merem lan wuta!
Padha mendema, nanging ora marga saka anggur,
padha mumeta, nanging ora marga saka arak!
10 Awit Pangeran Yehuwah wus ndadekake kowe padha turu kepati;
mripatmu -- yaiku para nabi -- wus kaeremake
lan raimu -- yaiku para wong sidik -- wus dikrudhuki.
11 Tumrap kowe kabeh wangsit iku mau kabeh
kayadene isining buku kang disegel, manawa
iku kawenehake marang wong kang bisa maca
kalawan dikandhani: "Iku wacanen," wong
mau bakal mangsuli: "Aku ora bisa maca, awit
buku iku kasegel," 12 lan manawa buku iku
kawenehake marang wong kang ora bisa maca
kalawan dikandhani: "Iki wacanen," wong iku
bakal mangsuli: "Aku ora bisa maca."
13 Sarta Pangeran wus ngandika mangkene:
"Ing sarehne bangsa iki sowan kalawan cangkeme
lan ngluhurake Ingsun kalawan lambene,
mangka atine ngedohi Ingsun,
tuwin anggone ngabekti marang Ingsun

iku mung marga saka prentahing
manungsa kang diapalake,
14 mulane lah Ingsun bakal nandukake
bab-bab kang elok marang bangsa iki,
kaelokan kang ngedab-edabi;
kawicaksanane para wonge kang wicaksana
bakal ilang,
tuwin kapinterane para wonge kang pinter
bakal ndhelik."
15 Bilai wong kang ndhelikake
rancangane kalawan primpen ana ing
ngarsane Sang Yehuwah,
kang panggawe-panggawene dilakoni ana
ing pepeteng
kalawan ngucap: "Sapa kang sumurup kita
lan sapa kang niteni kita?"
16 Kapriye ta dene kowe kok padha
mbolak-mbalikake samubarang kabeh?
Apa lempung iki kena dianggep padha karo
kundhi,
satemah kang digawe bisa pratela bab kang
gawe:
"Dudu wong iku kang gawe aku,"
lan apa kang diwangun bisa ngandhakake
bab kang mangun:
"Wong iku ora ngreti apa-apa?"

Kaslametan sawise katindhes

29:17-24

17 Rak mung kurang sadhela,
anggone Libanon bakal salin dadi kebon
wowohan,

lan kebn wowohan bakal kaanggep alas?
18 Ing wektu iku para wong budheg
bakal padha krungu tetembungan-
tetembungan saka ing sawijining
kitab,
lan marga saka wus luwar saka ing
kalimengan tuwin pepeteng
mripate para wong wuta bakal ndeleng.
19 Para wong kang nandhang sangsara ana
ing Pangeran Yehuwah bakal saya
banget anggone asuka-suka,
lan para wong miskin kang ana ing
satengahe para manungsa bakal
asurak-surak awit saka Kang Mahasuci,
Gusti Allahe Israel!
20 Sabab wong kang santosa-gumunggung
bakal ora ana lan tukang memecok
bakal sirna,
sarta sakehe wong kang duwe kekarepan
ala bakal kamusnakake,
21 yaiku para wong kang anggere bae ngarani
wong liya nindakake kaluputan ana ing
sawijining prakara,
kang masangi kala jiret marang wong
kang srengen ana ing gapura,
sarta kang ngono-ngono wong bener
awewaton kang ora-ora.
22 Awit saka iku mangkene pangandikane
Pangeran Yehuwah Gusti Allahe para
tedhake Rama Yakub,
yaiku kang wus ngluwari Rama Abraham:
“Wiwit saiki Yakub ora bakal kawirangan
maneh

lan raine ora bakal pucet maneh.
23 Sabab nalika wong-wong mau, yaiku
turune Yakub,
padha ndeleng apa kang katindakake
dening astaningSun ana ing satengahe,
banjur bakal padha nucekake
asmaningSun;
bakal padha nucekake Kang Suci, Gusti
Allahe Yakub,
lan bakal padha gumeter ana ing ngarsane
Gusti Allahe Israel;
24 para wong kang pikirane kesasar, bakal
padha oleh pangreten,
lan para wong kang grundelan bakal padha
tampa piwulang."

Dudu Mesir nanging Pangeran Yehuwah kang paring pitulungan

30:1-17

30 1 Bilai anak-anak kang mbalela,
-- mangkono pangandikane Sang
Yehuwah, --
kang padha nindakake rancangan kang ora
saka Ingsun,
kang lumebu ing pasarujukan,
kang ora marga saka karsaning RohingSun,
satemah dosane saya wuwuh-wuwuh,
2 kang mangkat menyang ing tanah Mesir,
ora kalawan nyuwun putusaningSun,
sumedya ngayom marang Pringon
lan ngungsi marang ing pangaubaning
Mesir.

3 Nanging pangayomane Pringon
bakal gawe wirangira kabeh,
lan ngungsi ing pangaubaning Mesir
bakal ndadekake isinira kabeh.
4 Amarga sanadyan para panggedhe
Yerusalem wus padha ana ing Zoan,
lan para utusane wus padha tekan ing
Hanes,
5 iku kabeh bakal kawirangan
amarga bangsa iku ora bisa nguntungake,
lan ora bisa aweh pitulungan sarta ora
maedahi;
nanging mung gawe wirang, malah banjur
dadi lan kanisthane.
6 Wangsit bab kewan-kewan ing Tanah
Negeb.
Ngliwati nagara kang kebak karupekan lan
sangsara,
papaning singa wadon lan singa lanang
kang padha nggero
papaning ula bedhudhak lan ula naga kang
padha mabur,
wong-wong mau anggone padha nggawani
raja-branane kamomotake ing gegere
kuldi,
lan barang darbeke ign punuking unta,
arep diwenehake marang bangsa kang ora
bisa aweh kauntungan,
7 yaiku Mesir kang aweh pitulungan kang ora
migunani lan tanpa paedah;
mulane iku Sunjenengake:
“Rahab kang dianggurake.”

8 Mulane saiki, sira mangkata, bab iku tulisen
ing papan ana ing ngarepe mripate,
lan sira cathetana ing kitab,
supaya dadi paseksen
kanggo ing mbesuk, nganti ing
salawas-lawase.
9 Awit iku sawijining bangsa kang mbalela,
anak kang padha seneng goroh
anak kang padha sungkan ngrungokake
marang piwulange Pangeran Yehuwah,
10 kang padha celathu marang para wong
sidik: “Aja mawas,”
lan marang para nabi: “Aja medharake
wangsit kang nyata,
nanging kandhakna marang aku kabeh
bab-bab kang nyenengake,
wedharna wangsit othak-athikan,
11 padha sumingkira saka ing dalan metua
ing dalan liyane,
aku aja padha kokridhu kalawan
Kang Mahasuci, Gusti Allahe Israel.”
12 Mulane mangkene pangandikane Kang
Mahasuci, Gusti Allahe Israel:
“Sarehne sira padha nampik pangandika iki,
lan masrahake awakira marang para wong
kang meres lan laku ngiwa
sarta sumendhe marang wong-wong iku,
13 mulane dosa iki tumrap sira kabeh
bakal kaya gempalan tembok kang arep
tiba,
kang mongol metu ing tembok kang dhuwur,
kang bakal ambruk kalawan dadakan ing
sakedhep netra,

14 bakal remuk kaya klenthinge kundhi,
kang kabanting tanpa dieman,
nganti ing antarane remukane ora ana wingka siji bae
kang kena dianggo golek geni ing
bedhiyang utawa kanggo nyidhuk banyu ing bak."
15 Awit mangkene pangandikane Pangeran Allah,
Kang Mahasuci, Gusti Allahe Israel:
"Sarana mratobat lan sumarah
sira bakal padha kaparingan slamet;
kakuwatanira iku dumunung ana ing ayem lan kumandel."
Nanging sira padha ora gelem,
16 sira padhangucap: "Ora,
aku arep padha nunggang jaran kang dakplayokake rikat,"
mulane sira bakal padha lumayu lan sirna.
Sira uga padha celathu: "Aku arep padha nunggang jaran kang cukat,"
mulane kang ngoyak sira bakal ngluwihi cukate.
17 ana wong sewu kang bakal lumayu marga sumurup ancamaning wong siji,
sira kabeh bakal lumayu marga saka ancamaning wong lima,
nganti sira kang padha tininggal
kaya pal tetengger ing pucaking gunung
lan kaya gendera ing dhuwur tetengger.

Janji bakal paring kaslametan marang Sion

30:18-26

18 Awit saka iku Pangeran Yehuwah
ngantos-antos
marang wektune anggone bakal
ngatingalake katresnane marang kowe
kabeh;
mulane banjur jumeneng
arep nandukake kawelasan marang kowe
kabeh.
Amarga Pangeran Yehuwah iku Gusti Allah
kang adil;
rahayu sakehe wong kang nganti-anti
marang Panjenengane!
19 He bangsa ing Sion kang manggon ing
Yerusalem, lah kowe ora bakal terus nangis.
Pangeran mesthi bakal paring kawelasan
marang kowe, samangsa kowe sesambat;
ing wektu mireng panjeritmu, Panjenengane
bakal paring wangsulan. 20 Lan sanadyan
Pangeran maringi roti tuwin banyu sarwa
sathithik, nanging Pamulangmu ora bakal
singidan maneh, nanging mripatmu bakal
tansah ndeleng Panjenengane, 21 sarta
kupingmu bakal krungu saka ing burimu
pitembungan mangkene: "Iki dalane, lumakua
ing kene," embuh kowe lumaku manengen
apa mangiwa. 22 Kowe bakal nganggep
najis marang reca-recamu kang sinelut ing
salaka utawa kang kalapis emas; iku bakal

kokbuwang kayadene lawon kang najis kanthi
kokcelathoni: “Sumingkira!” [23] Pangeran
Yehuwah bakal banjur paring udan marang
wiji kang lagi bae koksebar ing pategalanmu,
lan kowe bakal mangan roti kang enak lan
akeh banget saka ing pametune tanah iki.
Ing wektu iku raja-kayamu bakal nyenggut
ing ara-ara kang jembar; [24] sapi-sapi lan
kuldi-kuldi kang kanggo nggarap tanah
bakal mangan pakan campuran kang enak,
kang wus ditapeni lan diayak. [25] Saben
gunung kang dhuwur lan saben tengger
kang munggul bakal ana kali-kaline kang
mili, yaiku ing dina patumpesan kang gedhe,
samangsa menara-menara padha rubuh.
[26] Padhanging rembulan purnama banjur bakal
kaya padhanging srengenge kang sumorot
sumelet, tuwin padhanging srengenge kang
sumelet iku banjur bakal tikel kaping pitu,
yaiku kaya padhange pitung dina, samangsa
Sang Yehuwah mblebed tatune umate sarta
nyarasake tilase kagebugan.

Paukumane Gusti Allah marang Asyur

30:27-33

[27] Pangeran Yehuwah rawuh ngatingal saka
ing padalemane kang adoh --
bebendune mulad-mulad, rawuhe
ana ing sajrone mega peteng kang
gembuleng-gembuleng,
lathine kebak deduka,

lan lidhahe kaya geni kang memangsa
nganti gusis;
28 wedaling napase kaya kali kang ngelekake,
kang banyune nganti sagulu --
Rawuhe arep ngayaki bangsa-bangsa
kalawan ayaking karusakan
tuwin arep masang kendhali panasaran
ing cangkeme para suku bangsa.
29 Kowe bakal padha ngrepekakake kekidungan
kaya ing wektu bengi nalika wong sesuci
ngarepake riaya,
sarta kowe bakal padha seneng-seneng kaya
manawa wong lumaku digameli ing
suling
arep munggah ing gununge Sang Yehuwah,
ing Gunung-Parange Israel.
30 Lan Pangeran Yehuwah bakal ngedalake
swarane kang mulya,
bakal ngatingalake astane kang nempuh
kalawan bebendu kang ngedab-edabi sarta
kalawan geni kang memangsa nganti
gusis,
tuwin kalawan udan deres, prahara lan
udan krikil.
31 Sabab Asyur bakal kaget krungu swaraning
Yehuwah,
yaiku nalika padha kapupuh kalawan gada.
32 Amarga saben gebugan kalawan teken
kang kagem ngrangket
kang kagebagake dening Pangeran marang
wong-wong mau,
bakal kairing ing swaraning trebang lan
clempung,

sarta Panjenengane bakal merangi Asyur,
kalawan asta kang kaacungake marang
ing peperangan.
33 Sabab papaning pangobongan wus katata
wiwit ing biyen
-- iku rak kanggo raja --
dhasare kagawe jero lan amba,
pancakane kebak geni lan kayu;
napasing Yehuwah nggesengake kaya kali
walirang.

Amung Gusti Allah kang paring pitulungan ora ana liyane maneh

31:1-9

31 1 Bilai para wong kang lunga menyang
ing tanah Mesir njaluk tulung,
kang ngandelake marang jaran,
kang pracaya marang kretane kang akeh
banget,
lan marang bala jaranan kang cacahe akeh
banget,
nanging ora tumenga marng Kang Mahasuci,
Gusti Allahe Israel,
lan ora nggoleki Pangeran Yehuwah.
2 Nanging panjenengane kang wicaksana iku
bakal ndhatengake bilai,
tuwin ora nyelet pangandikane;
Panjenengane bakal tumandang nglawan
marang jinis duraka,
sarta nglawan marang wadya-bala
bantuane para wong kang ambek siya.

3 Amarga wong Mesir iku manungsa, dudu
Allah,
lan jaran-jarane iku makhluk kang ringkih,
dudu roh kang kadunungan pangwasa.
Manawa Pangeran Yehuwah ngacungake
astane,
kang mbiyantu banjur keplesed
lan kang dibiyantu nuli tiba,
sarta kabeh tumuli padha tiwas
bebarengan.
4 Awit mangkene pangandikane Pangeran
Yehuwah marang aku:
"kayadene singa utawa singa enom kang
gereng-gereng ngukuhi memangsane,
lan ora kaget krungu gembar-gembore
pangon sagolongan kang dikumpulake
arep nglawan,
sarta ora mundur dening ramene,
iya mangkono bakal tumedhake Pangeran
Yehuwah Gustining sarwa dumadi
lan banjur perang ngekahi gunung Sion
lan tenggere.
5 Kayadene manuk kang mabur kekablak,
ngayomi susuhe,
iya mangkono anggone Pangeran Yehuwah
Gustining sarwa tumitah bakal ngayomi
Yerusalem,
ngayomi lan paring pangluwaran,
rumeksa lan ngedohi bilai."
6 He wong Israel, padha mratobata marang
Panjenengane, kang wus koktinggal nganti
adoh! 7 Lah ing dina iku sawiji-wijining
panunggalanmu bakal mbuwangi brahala-

brahalane salaka lan brahala-brahalaning emas kang digawe dening tanganmu dhewe kalawan kebak dosa.

8 Asyur bakal ambruk dening pedhang,
nanging dudu pedhanging wong,
lan bakal kamangsa dening pedhang
nganti gusis,
nanging dudu pedhanging manungsa,
sarta bakal keplayu nyingkiri pedhang,
tuwin wonge nom-noman bakal padha
dadi kuli wajib.
9 Kang ngayomi bakal sirna marga saka giris,
sarta panggedhening perang bakal kaget
banjur lumayu ninggal genderane,
mangkono pangandikane Pangeran Yehuwah
kang kagungan geni ana ing Sion lan
pawon ana ing Yerusalem.

Ratu kang adil

32:1-8

32 1 Lah bakal ana ratu kang ngasta
paprentahan kalawan adil,
apadene para pemimpin bakal mimpin
kalawan jujur,
2 tuwin sawiji-wijine bakal kayadene papan
pangauban samangsa ana angin
sarta papan pangayoman samangsa ana
prahara,
kayadene ilen-ilen banyu ing papan kang
garing,
kayadene aube watu kang gedhe ing tanah
kang ngenthak-enthak.

3 Mripate wong kang padha ndeleng bakal
ora diremake maneh,
lan kupinge wong kang padha krungu
bakal nggatekake.
4 Atine wong kang kurang pikiran bakal bisa
nenimbang,
sarta ilate wong kang groyok bakal bisa
celathu cetha.
5 Wong gemblung ora bakal kaaranan maneh
wong kang abudi luhur,
lan wong culika ora bakal diarani wong
luhur.
6 Sabab wong gemblung bakal mratelakake
gemblunge,
tuwin atine ngrancang prakara kang ala,
yaiku sumedya murtad
sarta ngandhakake bab kang nasarake
tumrap Pangeran Yehuwah,
ora mreduli marang kothonging wetenge
wong keluwen
lan marang wong kang ngelak butuh
ngombe.
7 Wong culika iku akal-akale ala,
kang dirancang panggawe kang nistha
kanggo gawe cilakane wong sangsara
kalawan tembung-tembunge kang
goroh,
sanadyan wong miskin iku mbelani hake.
8 Nanging wong kang luhur budine iku
ngrancang bab-bab kang luhur,
lan tansah tumindak mangkono.

Pepenget marang para wong wadon ing Yerusalem

32:9-20

9 He para wong wadon kang padha urip
kanthi tentrem,
padha tangia, rungokna swaraku,
he para bocah wadon kang padha urip kanthi
ayem,
padha gatekna tembungku!
10 Ing sajroning sataun punjul
kowe bakal padha gumeter,
he para wong kang padha urip kanthi
tentrem,
amarga panene woh anggur wus entek
rusak,
lan panen wowohan liyane uga ora ana.
11 Padha gumetera, he para wong wadon
kang padha urip kanthi ayem,
padha gumetera, he para wong wadon
kang padha urip kanthi tentrem,
selehna lan cucula sandhanganmu,
padha manganggoa bagor ing lambungmu!
12 Padha tangisana pategalanmu kang endah,
tuwin witmu anggur kang tansah mbiyet
wohe,
13 padha tangisana tanahe bangsaku
kang kathukulan grumbul eri lan piskucing,
malah uga sakehe omahmu, panggonan
kang kanggo bungah-bungah
ing kutha kang kebak kasenengan.
14 Awit purimu wus kasuwungake

lan ramening kuthamu wus malih dadi
sepi.
Tenggere lan panggunge
wus dadi tanah rata ing salawas-lawase,
dadi papaning kabungahan kuldi alas
sarta pangonaning pepanthan kewan.
15 Nganti kita padha kaesokan ing Roh saka
ing dhuwur;
pasamunan banjur dadi kebon wowohan,
tuwin kebon wowohan iku bakal kaanggep
alas.
16 Ing pasamunan bakal tansah ana kaadilan
lan ing kebon wowohan bakal tetep ana
kabeneran.
17 Ing ngendi ana kabeneran ing kono bakal
ana tentrem rahayu,
mangka wahananing kabeneran iku
kaayeman
lan katentreman kanggo ing salawas-
lawase.
18 Bangsaku bakal manggon ing papaning
karukunan,
ing papan panggonan kang tentrem
ing papan palerenan kang slamet.
19 Alas bakal rusak babar pisan
tuwin kutha bakal kaesorake kang banget.
20 Rahayu kowe kang padha bisa nyebar ing
sakehing panggonan kang ana banyune,
kang bisa ngeculake sapine lan kuldine
menyang ing ngendi-endi!

Pangeran Yehuwah iku kang mitulungi Sion lan kang jumeneng dadi ratune

33:1-24

33 [1] Bilai kowe, he tukang ngrusak kang ora karusak dhewe,
lan kowe, he tukang nggarong kang ora digarong dhewe!
Samangsa wus rampung anggonmu ngrerusak, kowe dhewe bakal karusak;
samangsa wus rampung anggonmu nggarong, kowe dhewe bakal digarong.
[2] Dhuh Yehuwah, kawula mugi sami paduka welasi,
Paduka ingkang sami kawula antos-antos!
Paduka mugi karsaa ngayomi kawula sadaya ing saben enjing kalayan asta Paduka,
malah kawula mugi sami kaparingan wilujeng
ing salebetipun nandhang karupekan!
[3] Rikala mireng gumuruhing swara nalika Paduka jumeneng,
para bangsa sami lumajeng tuwin para suku bangsa sami buyar.
[4] Wong banjur padha nglumpukake jarahan kayadene walang kang srakah kang mangan pakane;
padha ngebyuk kaya panempuhing walang gegrombolan.
[5] Pangeran Yehuwah iku dhuwur aluhur, awit akadhaton ing ngaluhur;

Sion kagawe kebak kaadilan lan
kabeneran.
6 Jaman tentrem bakal nekani kowe;
kasugihan kang marakake slamet iku
kawicaksanan lan kawruh;
wedi-asih marang Sang Yehuwah,
iku kang dadi raja branane Sion.
7 Delengen, wong-wong Ariel padha
sesambat ana ing dedalan,
para utusan kang ngupaya karukunan
padha nangis kepati.
8 Lurung-lurung dadi sepi
tuwin wong ora ana siji bae kang lumaku
ing dalan.
Prajanjian wus diselaki,
para seksi wus padha katampik,
tuwin manungsa ora digubres.
9 Nagara susah lan aclum;
Libanon kisinan lan ambruk mati;
Saron wus kaya ara-ara,
Basan lan Karmel padha brindhil.
10 Saiki Ingsun bakal jumeneng -- mangkono
pangandikane Sang Yehuwah, --
saiki Ingsun bakal gumregah jumeneng,
saiki Ingsun bakal jumeneng jejeg!
11 Sira padha ngetengake suket aking,
lan bakal manak damen;
kanepsonira kaya geni kang mangsa sira
dhewe.
12 Para bangsa bakal padha diobong dadi
gamping
tuwin bakal kaobong ing geni kaya
rerungkudan eri kang dibabadi.

13 He para wong kang adoh, padha
rungokna pawarta bab apa kang wus
Suntindakake,
he para wong kang cedhak, padha
nyumurupana prakosaningSun!
14 Para wong dosa ing Sion padha kaget,
para wong murtad padha kalimputan ing
rasa geter.
Iku padha ngucap: “Panunggalan kita sapa
ta kang bisa betah manggon ing jero
geni kang ngentek-ngentekake iki?
Panunggalan kita sapa kang betah
manggon ana ing jero pawon geni kang
langgeng iki?”
15 Wong kang urip ing sajroning kabeneran,
kang tembung-tembunge jujur,
kang nampik kauntungan, wohing
pameresan,
kang ngipatake tangane supaya aja
nampani besel,
kang nutupi kupinge supaya aja krungu
rancangan bab ngwutuhake getih,
kang ngeremake mripate, supaya aja
sumurup piala,
16 iku kayadene wong kang manggon
kalawan tentrem ana ing papan-papan
kang dhuwur,
betenge iku beteng kang ana ing gunung
parang;
roti dicawisi, banyu ngombe disadhiyani.
17 Sira bakal ndeleng ratu ing sajroning
kamulyane,
bakal sumurup nagara kang amba banget.

18 Ing sajroning atinira sira bakal mikir
marang pagiris kang uwis-uwis:
“Apa wus ora ana juru petung, apa wus
ora ana juru timbang,
lan apa wus ora ana wong kang ngetung
menara?”
19 Sira ora bakal ndeleng maneh bangsa kang
ora tata iku,
bangsa kang pacelathone ora cetha,
dadi ora mangretekake,
kang wicarane groyok, dadi ora ana wong
kang bisa ngreti.
20 Padha mawasa Sion, kuthaning pahargyan
kita!
Mripatira bakal ndeleng Yerusalem,
papan panggonan kang tentrem, tarub
kang ora kaelih-elih,
kang pathoke ora bakal kabedhol ing
salawase,
lan kang dhadhunge ora bakal pedhot.
21 Ana ing kono kita bakal sumurup sapira
gedhening kamulyane Pangeran
Yehuwah Gusti kita:
kayadene panggonan kang kebak kali lan
ilen-ilen kang amba;
iku ora bakal kaliwatan prau dihayungan,
lan prau kapal gedhe ora bakal nyabrang
ing kono.
22 Sabab Pangeran Yehuwah iku Hakim kita,
Pangeran Yehuwah iku kang paring
angger-angger marang kita;
Pangeran Yehuwah iku kang jumeneng dadi
Ratu kita,

Panjenengane bakal ngluwari kita.
23 Dhadhung-dhadhungira wus padha kendho,
ora kena kanggo naleni tiyanging layar nganti kenceng ana ing papane,
ora kena kanggo menthang layar.
Ing wektu iku wong bakal ngedum-edum jarahan kang akeh banget,
tuwin wong lumpuh bakal padha ngrayah jarahan.
24 Ora ana wong siji-sijia kang bakal celathu ana ing kono: “Aku lara,”
lan sakehe wong kang manggon ing kono bakal kaparingan pangapura tumrap kaluputane.

Paukuman marang para bangsa, Edom kalebu uga

34:1-17

34 1 He para bangsa, padha nyedhaka lan ngrungokna,
lan padha nggatekna, he para suku bangsa!
Bumi dalah saisine kabeh prayoga padha krungu,
uga jagad lan kabeh kang tuwuh saka ing kono.
2 Sabab Sang Yehuwah duka marang sakehing bangsa,
lan benter ing panggalih marga saka wadya-balane;
iku wus padha kadhewekake bakal katumpes

lan kapasrahake supaya padha disembeleh.
3 Wong kang mati dipateni bakal kabuwang,
lan bathange bakal padha mambu
blarongan;
gunung-gunung bakal padha kabanjiran
getihe.
4 Sakehe wadya-bala ing langit bakal tumpes,
tuwin langit bakal kagulung kaya layang
gulungan,
kabeh wadya-balane bakal gugur
kaya godhong kang padha gogrog saka ing
wit anggur,
lan kaya gogroge godhong anjir.
5 Sabab pedhangingSun kang ana ing langit
wus ngamuk,
delengen, iku wus tumurun ngakimi Edom,
bangsa kang wus Sunpiyambakake supaya
katumpes.
6 Pangeran Yehuwah kagungan pedhang kang
kuthah getih
lan gupak gajih akeh banget,
yaiku getihe cempe-cempe lan wedhus-
wedhus lanang
tuwin gajihe ginjeling wedhus-wedhus
gembel lanang.
Awit Sang Yehuwah nganakake kurban
sembelehan ana ing Bozra
lan pasembelehan gedhe ana ing tanah
Edom.
7 Bantheng-bantheng bakal padha ambruk
mati bebarengan karo wedhus gembel
lan wedhus liyane mau,

lan sapi-sapi lanang kang enom
bebarengan karo sapi-sapi lanang kang prakosa,
nagarane bakal warata karesepan ing getih,
sarta tanahe kebak gajih.
8 Awit Pangeran Yehuwah ndhatengake dina tumibaning piwales
lan taun anggone ndhawahake paukuman marga saka prakarane Sion.
9 Kali-kaline Edom bakal malih dadi kali latung,
tuwin lemahe dadi walirang;
nagarane bakal dadi latung kang murub makantar-kantar.
10 Rina wengi ora bakal mati-mati,
kukuse kumelun salawas-lawase.
Nagara iku bakal dadi jugrugan turun-tumurun,
tuwin sabanjure ora bakal ana wong kang liwat ing kono.
11 Banyak gondhok lan landhak kang bakal manggon ing kono.
manuk beluk lan gagak bakal dumunung ana ing kono.
Pangeran Yehuwah bakal ndadosake worsuh nagara iku
sarta kadadosake suwung ngetrepi rancangane.
12 Jim-jim bakal manggon ana ing kono,
lan para panggedhe bakal wus ora ana maneh;

wus ora ana maneh kang bakal
kajumenengake dadi ratu ing
kono,
tuwin sakehe panggedhene wus padha
sirna.
13 Eri bebondhotan bakal thukul ing
puri-purine,
lan suket saarta piskucing ana ing
beteng-betenge,
satemah dadi papan padununganing asu
ajag,
tuwin dadi panggonaning manuk unta.
14 Kewan pasamunan bakal padha pethukan
karo asu alas,
sarta jim bakal tetemonan karo kancane
ana ing kono;
memedi bakal ana ing kono
tuwin bakal oleh papan panggonan.
15 Ula wit-witan padha nusuh lan ngendhog
ana ing kono
tuwin angrem nganti edhoge padha netes;
manuk beri padha krompolan ana ing kono,
padha jodhon-jodhon.
16 Golekana ana ing kitabe Sang Yehuwah lan
wacanen;
makhluk-makhluk iku mau kabeh
siji bae ora ana kang ora ana,
ora ana kang kelangan kancane;
amarga mangkono dhawuh kang miyos saka
ing tutuke Pangeran Yehuwah,
sarta Rohe Sang Yehuwah piyambak kang
nglempakake iku kabeh.
17 Panjenengane piyambak wus mbucal undhi

lan mbage-mbage nagara iku marang para
makhluk mau kalawan tali ukuran;
makhluk-makhluk mau bakal manggon ing
kono nganti ing salawas-lawase
lan ana ing kono turun-tumurun.

Karahayon tumrap para umate Pangeran Yehuwah

35:1-10

35 1 Ara-ara samun lan palemahan mati
bakal padha bungah,
pasamunan bakal surak-surak lan
metokake kembang;
2 bakal metu kembange akeh banget kaya
kembang mawar,
bakal surak-surak, bakal surak-surak lan
sumyak-sumyak.
Bakal kaparingan kamulyaning Libanon
kaluhuraning Karmel lan Saron;
bakal padha ndeleng kamulyaning Yehuwah,
kaluhuraning Allah kita.
3 Tangan kang lemes lempe-lempe padha
kuwatna
lan dhengkul kang theklok pada
santosakna.
4 Kandhaa marang para wong kang kuwatir
atine:
“Sing padha tatag, aja padha wedi!
Lah Allahmu bakal rawuh arep paring piwales
lan ganjaraning Allah.
Panjenengane piyambak kang rawuh
arep nguwalake kowe kabeh.”

5 Ing wektu iku mripate para wong wuta
bakal padha kaelekake,
lan kupinge para wong budheg bakal
padha kabukak.
6 Ing wektu iku wong lumpuh bakal
mlumpat-mlumpat kaya menjangan,
tuwin cangkeme wong bisu bakal
surak-surak;
amarga ara-ara samun bakal metokake
sumber,
sarta pasamunan bakal ana kaline;
7 tanah pawedhen kang anget bakal dadi
blumbang,
lan tanah kang ngerak bakal dadi sumber;
papan pandhodhotaning asu ajag
bakal kathukulan tebu lan pandhan.
8 Ing kono bakal ana lurunge,
kang bakal kaaranan Dalan Suci;
wong kang najis ora bakal liwat ing kono
sarta para wong gemblung ora bakal
padha kluyuran mrono.
9 Ing kono bakal ora ana singane,
kewan galak ora bakal saba mrono
tuwin ora bakal tinemu ana ing kono;
mung para wong kang wus padha kaluwaran
kang bakal padha lumaku ing kono,
10 lan para wong kang wus kauwalan
dening Pangeran Yehuwah kang bakal
padha mulih
tuwin lumebu ing Sion kalawan surak-surak,
kanthi kapenuhan ing kabungahan kang
langgeng;

bakal padha kebak ing kasenengan la
sukarena,
kasusahan lan pasambat bakal padha
ngedoh.

NABI YESAYA ING SAJRONE JAMANE SANG PRABU HIZKIA

BAB 36-39

Yerusalem kakepung dening Sang Prabu Sanherib

36:1-22

2Ra 18:13-37 2Bb 32:1-19

36 [1] Ing taun kang kaping patbelas ing
jamane Sang Prabu Hizkia, Sang
Prabu Sanherib, ratu ing nagara Asyur
rawuh lan nempuh kutha-kuthane beteng
nagara Yehuda, kang banjur padha kena
karebat. [2] Ratu ing Asyur mau nuli ngutus
priyagung juru pangunjukan saka ing Lakhis
menyang ing Yerusalem sowan ing ngarsane
Sang Prabu Hizkia kinanthenan wadya-bala
gedhe. Priyagung iku nuli kendel ana ing
sacedhake ilen-ilening blumbang ndhuwur
ing dalan gedhe ing Ara-ara Tukang Penatu.
[3] Ing kono Sang Elyakim, panggedhening
kraton, Sang Sebna, sekretaris nagara lan
Sang Yoah bin Asaf, hartaka nagara, padha
medali manggihi priyagung juru pangunjukan
mau. [4] Priyagung juru pangunjukan banjur
ngandika: “Panjenengan sami kula aturi

munjuk dhateng Sang Prabu Hizkia: Makaten
pangandikanipun nata-agung, ratu ing Asyur:
Pangandel apa ta kang sira gondheli iki?
5 Pangiranira mung pangucaping lambe bae
wus bisa dadi rancangan lan kakuwataning
perang! Saiki, sira mbalela marang ingsun
iku, sapa kang sira tenga-tenga? 6 Kang sira
tenga-tenga iku sanyatane teken pring kang
wus pepes tumungkul, yaiku Mesir kang bakal
nyubles lan nembus tangane wong kang
teteken iku. Kaya mangkono iku kaanane
Pringon, ratu ing Mesir, tumrap sakehing wong
kang ngandelake dheweke. 7 Lan manawa
sira matur marang ingsun: Ingkang sami
kawula andelaken punika Pangeran Yehuwah,
Gusti Allah kawula, apa Panjenengane iku
dudu kang tengger-tenggere pangurbanan
lan misbyah-misbyahe wus disingkirake
dening Hizkia kalawan pratela marang Yehuda
lan Yerusalem: Sira kabeh kudu sujud lan
nyembah ing ngarepe misbyah iki! 8 Milanipun
sapunika sumangga sami kula aturi totohan
kaliyan gusti kula, ratu ing Asyur: Kula badhe
nyaosi panjenengan kapal kalih ewu, manawi
panjenengan sagah maringi tiyang-tiyangipun
ingkang numpaki.

9 Kadospundi anggen panjenengan saged
ngawonaken tetindhihipun gusti kula satunggal
kemawon ingkang asor piyambak? Mangka
panjenengan ngendelaken Mesir ing bab kreta
tuwin prajuritipun kapalan! 10 Lah sapunika,
punapa anggen kula majeng nglawan nagari
punika saha anggen kula badhe nyirnakaken

nagari punika, punika boten margi saking
karsaning Pangeran Yehuwah? Pangeran
Yehuwah sampun ngandika dhateng kula:
Mangkata, tempuhen nagara iku lan sirnakna!”
11 Sang Elyakim, Sang Sebna lan Sang
Yoah nuli mangsuli marang priyagung juru
pangunjukan iku mangkene: “Sumangga
kawula aturi ngandika mawi basa Aram
dhateng ingkang abdi punika, awit kawula
sami mangretos; nanging sampun ngandika
dhateng kawula sadaya mawi basa Yehuda,
mindhak dipun pirengaken dening rakyat
ingkang wonten ing sanginggiling tembok.”
12 Nanging priyagung juru pangunjukan
ngandika: “Punapa gusti kula anggenipun
ngutus kula nglantaraken pangandika punika
namung dhateng gusti panjenengan lan
dhateng panjenengan kemawon? Rak inggih
dhateng para tiyang ingkang sami linggih ing
nginggil tembok ugi, ingkang sami nedha
sesukeripun tuwin ngombe toya turasipun
piyambak sesarengan kaliyan panjenengan
sadaya punika?” 13 Sawuse mangkono
priyagung juru pangunjukan mau banjur
jumeneng lan nguwuh-uwuh kalawan swara
seru ngagem basa Yehuda, pangandikane:
“Padha ngrungokna pangandikane: “Padha
ngrungokna pangandikane ratu kang
agung, ratu ing nagara Asyur! 14 Mangkene
pangandikane Sang Prabu: Kowe aja nganti
padha kena diapusi dening Hizkia, sabab iku
ora bisa ngluwari kowe kabeh. 15 aja padha
gelem diajak Hizkia ngendelake Pangeran

Yehuwah kalawan tembunge: Pangeran
Yehuwah mesthi bakal ngluwari kita: kutha iki
ora bakal kaulungake marang ing tangane ratu
ing Asyur. 16 Aja padha ngrungokake tembunge
Hizkia, sabab mangkene pangandikane ratu
ing Asyur: Padha nganakna prajanjian kalawan
ingsun minangka tandhaning teluk lan padha
metua sowana ing ngarsaningsun, nuli
saben wong panunggalanira bakal mangan
wohing wite anggur tuwin wohing wite anjir
dhewe sarta ngombe banyuning sumure
dhewe, 17 nganti sarawuhingsun mboyongi
sira kabeh menyang ing nagara kang kaya
nagaranira, nagara kang murah gandum lan
anggur, nagara kang sugih roti lan pakebonan
anggur. 18 Sira aja padha nganti kena dibujuk
dening Hizkia kalawan tembunge: Pangeran
Yehuwah bakal ngluwari kita! Apa tau kelakon
para allahe bangsa-bangsa padha ngluwari
nagarane dhewe-dhewe saka ing astane ratu
ing Asyur? 19 Endi allah-allahe nagara Hamat
lan Arpad? Endi para allahe nagara Sefarwaim?
Apa wus padha nguwalake Samaria saka
ing astaningsun? 20 Panunggalane para
allahe nagara-nagara iki sapa kang wus
ngluwari negarane saka astaningsun, lah kok
Sang Yehuwah sagah ngluwari Yerusalem
saka ing astaningsun?” 21 Nanging kabeh
padha meneng bae, ora mangsuli sanadyan
mung sakecap bae, amarga dhawuhe Sang
Prabu: “Sira aja padha aweh wangsulan
marang dheweke!” 22 Sang Elyakim bin Hilkia,
panggedhening kraton, lan Sang Sebna,

sekretaris nagara sarta Sang Yoah bin Asaf, hartaka-nagara banjur padha mundur lan padha sowan ing ngarsane Sang Prabu Hizkia, kalawan ngagem pangageman kang suwek, nuli ngunjuki uninga marang Sang Prabu bab apa kang dipratelakake dening priyagung juru pangunjukan.

Yerusalem uwal saka ing astane Sang Prabu Sanherib

37:1-38

2Ra 19:1-37 2Bb 32:20-23

37 1 Bareng Sang Prabu Hizkia mireng
kang mangkono iku, sanalika iku uga
banjur nyuwek-nyuwek pangagemane, sarta
banjur sesingeb bagor tuwin tumuli lumebet
ing padalemaning Yehuwah.
2 Sang Elyakim,
panggedhening kraton, Sang Sebna sekretaris
nagara tuwin para tetuwaning imam uga
banjur kautus sowan ing ngarsane Nabi Yesaya
bin Amos, kalawan mangagem bagor.
3 Iku
padha matur: "Makaten pangandikanipun Sang
Prabu Hizkia: Dinten punika dinten karupekan,
dinten paukuman saha kawirangan; sabab
sampun dumugi ing lekipun badhe nglairaken
jabang-bayi, nanging boten wonten kakiyatan
kangge nglairaken.
4 Bokmanawi Pangeran
Yehuwah, Gusti Allah panjenengan, sampun
midhanget pangucapipun, sampun midhanget
pangucapipun priyagung juru pangunjukan
ingkang kautus dening ratu ing Asyur,
gustinipun, supados ngawon-awon Gusti

Allah ingkang gesang, satemah Sang
Yehuwah, Gusti Allah panjenengan, lajeng
badhe paring paukuman, margi saking
tembung-tembungipun ingkang sampun dipun
pirengaken punika. Milanipun panjenengan
kula aturi ndedonga kangge tirahan ingkang
taksih kantun punika!” 5 Nalika para priyagung
abdine Sang Prabu Hizkia wus sowan
ing ngarsane Nabi Yesaya, 6 banjur padha
dipangandikani dening Nabi Yesaya mangkene:
“Sami kula aturi munjuk dhumateng gusti
panjenengan: Makaten pangandikanipun Sang
Yehuwah: Sira aja wedi marang tetembungan
kang sira rungu kang diucapake dening para
bature raja Asyur kanggo ngala-ala marang
Ingsun iku. 7 Lah Ingsun bakal ngutus roh
supaya manjingi dheweke, kang njalari banjur
mulih menyang ing nagarane amarga krungu
sawijining kabar; Ingsun bakal damel supaya
raja iku ambruk mati dening pedhang ana ing
nagarane dhewe.”

8 Bareng priyagung juru pangunjukan mau
bali, ratu ing Asyur tinemu lagi perang nglawan
Libna; amarga wus mireng, yen Sang Prabu
wus jengkar saka ing Lakhis. 9 Nalika samana
Sang Prabu mireng kabar bab Sang Prabu
Tirhaka, ratu nagara Etiopia, mangkene:
“Panjenenganipun sampun pangkat badhe
perang nglawan panjenengan dalem,”
tumuli ngintunake utusan-utusan marang
ing ngarsane Sang Prabu Hizkia, kanthi
kaweling mangkene: 10 “Sira padha matura
marang Sang Prabu Hizkia, ratu ing Yehuda

mangkene: Panjenengan sampun ngantos
kenging dipun apusi dening Allah panjenengan
ingkang panjenengan ugemi saha ingkang
paring janji: Yerusalem ora bakal kaulungake
marang ing tangane ratu ing Asyur. 11 Lah
ta panjenengan sampun mireng bab punapa
ingkang katandukaken dening para ratu ing
Asyur dhumateng nagari-nagari sadaya, inggih
punika sampun sami katumpes; punapa inggih
panjenengan badhe kaluwaran? 12 Punapa
para allahipun para bangsa ingkang sampun
kasirnakaken dening leluhur kula, saged
ngluwari bangsa-bangsa wau, inggih punika
Gozan, Haran, Rezef tuwin para turunipun
Eden ingkang wonten ing Telasar? 13 Wonten
ing pundi ta ratu ing nagari Hamat saha Arpad,
ratu ing kitha Sefarwaim, ratu ing nagari Hena
sarta Iwa?”

14 Sang Prabu Hizkia tampi layang mau
saka ing tangane para utusan, banjur
kawaos; sawuse maos nuli lumebet ing
padalemaning Sang Yehuwah sarta mbeber
layang mau ana ing ngarsaning Yehuwah.
15 Sang Prabu Hizkira tumuli ndedonga
ana ing ngarsaning Pangeran Yehuwah,
unjuke: 16 “Dhuh Yehuwah, Gustining sarwa
tumitah, Gusti Allahipun Israel ingkang
adhedhampar ing sanginggiling kerubim!
Namung Paduka piyambak ingkang jumeneng
dados Allahipun sakathahing karajan ing
bumi; Paduka ingkang nitahaken langit
kaliyan bumi. 17 Dhuh Yehuwah, Paduka mugi
karsaa nanggapaken talingan Paduka saha

karsaa miyarsakaken; dhuh Yehuwah, Paduka
mugi karsaa ngelekaken paningal paduka
saha karsaa mirsani; Paduka mugi karsaa
midhangetaken sakathahing pitembunganipun
Sanherib, ingkang kakintunaken kangge
ngawon-awon Gusti Allah ingkang gesang.
18 Dhuh Yehuwah, para ratunipun nagari Asyur
pancen sampun nyirnakaken sakathahing
bangsa sanagarinipun, 19 saha allahipun sami
kacemplungaken ing latu, amargi punika
sanes Gusti Allah, nanging namung kadamel
dening tanganing manungsa, kajeng tuwin
sela, mila saged karisak dening tiyang.
20 Ingkang punika, dhuh Yehuwah, Gusti
Allah kawula sadaya, sapunika mugi Paduka
karsaa nguwalaken kawula sadaya saking ing
tanganipun, supados sakathahing karajan ing
bumi sami sumerep, bilih namung Paduka
piyambak punika ingkang jumeneng Pangeran
Yehuwah."
21 Nabi Yesaya bin Amos nuli utusan wong
sowan marang ing ngarsane Sang Prabu
Hizkia, kadhawuhan munjuk: "Makaten
pangandikanipun Pangeran Yehuwah, Gusti
Allahipun Israel: Bab apa kang wus sira
unjukake marang Ingsun ana ing pandonga
tumrap Sanherib, ratu ing Asyur, 22 mangkene
pangandika kang wus kalairake dening Sang
Yehuwah tumrap ratu iku:

Kenya, yaiku putri ing Sion,
wus ngremehake sira, wus moyoki sira;
sarta putri ing Yerusalem
wus gedheg-gedheg ana ing burinira.

23 Sapa kang sira cacad lan sira ala-ala iku?
Sapa kang sira sumbari lan kang sira
deleng kalawan gumunggung iku?
Kang Mahasuci, Gusti Allahe Israel!
24 Sira wus nenacad Pangeran lumantar para
baturira,
sarta sira wus ngucap: Ingsun wus
munggah ing papan-papan
kang dhuwur ing pagunungan, kalawan
kretaningsun kang akeh cacahe,
menyang papan kang adoh dhewe ing
gunung Libanon;
ingsun wus negori wit-wite eres kang gedhe
dhuwur,
wit-wite beros kang pilihan;
ingsun wus lumebu ing panggonan
kang dhuwur kang ana ing poncot dhewe,
menyang ing alase wit-witan kang ketel.
25 Ingsun iki wus ndhudhuk banyu
lan wus ngunjuk banyu;
ingsun wus ngasatake sakehing kali ing
tanah Mesir
kalawan tlapaking sampeyaningsun!
26 Apa sira durung krungu,
manawa wus suwe banget anggoningSun
memtokake iku mau kabeh
lan wus wiwit jaman purwa anggoningSun
ngrancang?
Saiki iku Sunwujudake,
yaiku anggonira gawe sepi mamringe
kutha-kutha beteng
sira dadekake tumpukan watu,

27 dene wong-wong kang padha manggon ing
kono kang tanpa daya
banjur padha kaget lan wirang;
padha dadi kaya tetuwuhan ing ara-ara
lan kaya suket kang ijo,
kaya suket kang ana ing payon,
utawa kaya gandum kang alum sadurunge
tuwa.
28 Ingsun mirsa, manawa sira tangi utawa
lungguh,
manawa metu utawa lumebu,
utawa manawa sira ngamuk marang
Ingsun.
29 Ing sarehne sira wus ngamuk marang
Ingsun,
lan tembung-tembungira kang
gumunggung
wus sumengka marang ing talinganingSun,
mulane Ingsun bakal ngetrapake keluhingSun
ing irungira
tuwin kendhaliningSun ing lambenira,
sarta Ingsun bakal ngulihake sira liwat ing
dalan,
kang sira liwati nalika teka.
30 Anadene iki kang bakal dadi tandhal
tumrap sira, he Hizkia: Ing sajroning taun iki
wong bakal mangan apa kang thukul dhewe,
lan ing taun kang kapindho apa kang tuwuh
saka tanduran kang kawitan, nanging ing
sajroning taun kang katelu sira bakal nyebar,
banjur panen gawe kebon anggur lan mangan
wohe. 31 Panunggalane turune Yehuda kang
padha bisa oncat, yaiku para wong kang isih

kari, bakal ngoyod maneh mangisor sarta
mandhuwur metokake woh. 32 Awit saka ing
Yerusalem bakal metune wong-wong kang kari
lan saka ing gunung Sion wong-wong kang
bisa oncat; bentering panggalihe Yehuwah,
Gustine sarwa dumadi kang bakal tumindak
mangkono.
33 Mulane mangkene pangandikane Sang
Yehuwah tumrap ratu ing Asyur: Wong iku
bakal ora lumebu ing kutha kene lan ora bakal
nglepasake panahe mrene; uga ora bakal
nekani kalawan tameng lan uga ora bakal
ngundhug-undhug lemah kanggo tanggul
pangepungan. 34 Dheweke bakal mulih liwat
ing dalan, kang diliwati nalika teka, nanging
ora bakal lumebu ing kutha kene. Mangkono
pangandikane Sang Yehuwah. 35 Sarta Ingsun
bakal mageri kutha iki supaya slamet, iku
marga saka Ingsun lan marga saka Dawud,
abdiningSun."
36 Kacarita Malekate Pangeran Yehuwah
nuli miyos lan mejahi wong kang ana ing
tarub-tarube Asyur satus wolung puluh lima
ewu. Esuke umun-umun iku kabeh wus
padha dadi jisim. 37 Marga saka iku Sang
Prabu Sanherib, ratu ing Asyur, banjur bidhal
kondur sarta lereb ana ing kutha Niniwe.
38 Ing sawijining dina nalika panjenengane
lagi sujud sembahyang ana ing kabuyutane
Nisrokh, allahe, banjur kasedanan kalawan
pedhang dening para putrane, yaiku Pangeran
Adramelekh lan Pangeran Sareser, kang nuli
padha ngungsi menyang ing tanah Ararat,

Pangeran Esarhadon, putrane kang banjur
gumanti jumeneng ratu.

Sang Prabu Hizkia gerah nanging banjur kasarasake

38:1-22

2Ra 20:1-11 2Bb 32:24-26

38 1 Ing nalika samana Sang Prabu Hizkia
kecandhak gerah nganti meh seda.
Nabi Yesaya putrane Sang Amos nuli sowan
marang ing ngarsane sarta munjuk: "Makaten
pangandikanipun Pangeran Yehuwah: Sira
menehana piweling-piweling kang wekasan
marang brayatira, awit sira bakal mati, ora
bakal waras maneh." 2 Sang Prabu Hizkia
tumuli ngengokake wadanane marang tembok
sarta ndedonga marang Sang Yehuwah,
3 unjuke: "Dhuh Yehuwah, Paduka mugi karsaa
ngengeti anggen kawula sampun gesang
wonten ing ngarsa Paduka kalayan setya tuwin
tulusing manah sarta anggen kawula sampun
nindakaken punapa ingkang sae tumrap ing
paningal Paduka." Sawuse mangkono Sang
Prabu Hizkia banjur muwun kepati-pati.
4 Pangeran Yehuwah tumuli ngandika marang
Nabi Yesaya: 5 "Sira mangkata lan matura
marang Hizkia: Makaten pangandikanipun
Pangeran Yehuwah, Gusti Allahipun Sang Prabu
Dawud, leluhur dalem: Pandonganira wus
Sunpiyarsakake lan eluhira wus Sunpirsani.
Lah Ingsun bakal mewahi umurira limalas
taun, 6 sarta Ingsun bakal ngluwari sira lan

kutha iki saka ing tangane ratu ing Asyur tuwin
bakal mageri kutha iki. 7 Iki kang bakal dadi
pratandha saka ing Pangeran Yehuwah tumrap
sira, yaiku manawa Sang Yehuwah bakal
nindakake apa kang wus kajanjekake. 8 Lah
ayang-ayanganing piranti pituduh srengenge
gaweane Akhas bakal Sunundurake sapuluh
tapak saka kang wus diliwati." Ing kono piranti
mau iya nuli nuduhake mundure srengenge
sapuluh tapak saka kang wus dilakoni.

9 Anggitane Sang Prabu Hizkia, ratu ing
Yehuda, sawuse gerah lan wus senggang
anggone gerah:

10 Aku iki wus kandha: Umurku lagi separo
aku kok kepeksa kudu lunga;
ing saluwihe umurku iku
aku katimbalan menyang ing gapuraning jagade wong mati.
11 Aku pratela: aku ora bakal ndeleng Sang Yehuwah maneh ana ing nagarane wong urip;
aku ora bakal ndeleng wong siji-sijia maneh
ana ing satengahe para kang manggon ing donya.
12 Pondhok kang dakenggoni kabubrah lan kabukak
kayadene tarubing pangon;
kaya tukang tenun kang nggulung tenunane
anggonku mungkasi uripku;
Pangeran Yehuwah ngethok nyawaku saka ing benanging urip.
Wiwit siyang ngantos dalu Paduka ngendelaken kawula makaten kemawon.

13 Aku sesambat nyuwun tulung nganti
esuk;
kayadene singa, iya mangkono iku anggone
Sang Yehuwah ngremuk sakehing
balungku;
wiwit siyang ngantos dalu Paduka
ngendelaken kawula makaten kemawon.
14 Kayadene manuk sriti, iya mangkono iku
anggonku cat-cit,
swaraku kethekur-kethekur kaya
swaraning manuk dara.
Mripatku kaya-kaya nganti entek marga saka
anggonku tumenga ing ngaluhur,
dhuh Pangeran, kawula sinangsara;
Paduka mugi karsaa dados tanggelan
tumrap kawula!
15 Apa ta kang bakal dakaturake lan
dakucapake ana ing ngarsane Pangeran
Yehuwah;
rak Panjenengane ta kang tumindak
mangkono?
Aku babar pisan ora bisa turu
marga saka paiting kasusahanku iku.
16 Dhuh Pangeran, inggih margi saking
makaten punika manah kawula
ngantos-antos dhumateng Paduka;
Paduka mugi karsaa nemtremaken roh
kawula,
karsaa nyarasaken kawula, karsaa
maluyakaken kawula!
17 Kasisahan ingkang pait punika sanyata
dados kawilujengan kawula;

Paduka ingkang njagi nyawa kawula
supados boten kacemplung ing
luwenging karisakan.
Amargi Paduka sampun mbucal sakathahing
dosa kawula
ngantos tebih saking ing ngarsa Paduka.
18 Awit jagading tiyang pejah boten saged
ngunjukaken panuwun dhumateng
Paduka,
sarta pejah boten saged ngalembana
Paduka;
tiyang ingkang sami tumurun ing luwangan
kuburan
boten ngantos-antos dhateng ing kasetyan
Paduka.
19 Nanging namung tiyang ingkang gesang,
punika ingkang ngunjukaken panuwun
dhumateng Paduka,
kados kawula ing dinten punika;
bapa badhe suka sumerep bab kasetyan
Paduka
dhateng anak-anakipun.
20 Pangeran Yehuwah wus rawuh paring
kaslametan marang aku!
Aku arep padha ngunekake clempung,
ing salawase urip
ana ing padalemane Sang Yehuwah.
21 Nabi Yesaya tumuli ngandika: “Cikben
dipundhutake kuwih woh anjir banjur
kapopokna ing memalane, supaya senggang!”
22 Sadurunge iku Sang Prabu Hizkia wus
ngandika: “Punapa tandhanipun, manawi kula

badhe lumebet ing padalemanipun Pangeran
Yehuwah?”

Sang Prabu Hizkia lan para utusan saka ing nagara Babil

39:1-8

2Ra 20:12-19 2Bb 32:27-31

39 [1] Ing nalika iku Sang Prabu Merodakh-
Baladan bin Baladan, ratu ing nagara
Babil, utusan wong ngirimake layang lan
atur-atur marang Sang Prabu Hizkia, amarga
wus midhanget manawa Sang Prabu Hizkia
kang maune gerah, wus senggang. [2] Sang
Prabu rena ing panggalih ing bab pisowane
para utusan mau, banjur padha ditedahi
gedhong raja brana, anggi-anggi lan lengane
kang adi, gedhong gegamaning perang
kabeh lan samubarang kabeh kang ana ing
pasimpenane. Ora ana barang kang ana ing
kadhatone lan ing saindenging wewengkone
pangwasane kang ora dikatingalake dening
Sang Prabu Hizkia marang para utusan mau.
[3] Nabi Yesaya banjur sowan ing ngarsane
Sang Prabu Hizkia lan munjuk pitakon:
“Tiyang-tiyang punika sami munjuk punapa
kemawon saha dhatengipun saking pundi?”
Paring wangsulane Sang Prabu Hizkia:
“Saking nagari ingkang tebih, saking Babil!”
[4] Nuli munjuk pitakon maneh: “Punapa
ingkang sampun dipun tingali wonten ing
kraton dalem?” Sang Prabu Hizkia mangsuli,
pangandikane: “Sadaya ingkang wonten ing

kraton kula, sampun sami dipun tingali. Boten
wonten barang ingkang boten kula tedahaken
ingkang wonten ing pasimpenan kula.” 5 Nabi
Yesaya tumuli munjuk marang Sang Prabu
Hizkia: “Panjenengan dalem kawula aturi
midhangetaken pangandikanipun Pangeran
Yehuwah, Gustining sarwa dumadi! 6 Bakal
tumeka ing wektune, samubarang kabeh kang
ana ing kratonira lan kang kasimpen dening
leluhurira nganti saprene iki, bakal padha
diusungi menyang ing Babil. Ora ana barang
kang ditinggal. Makaten pangandikanipun
Pangeran Yehuwah. 7 Lan turunira kang
bakal mijil saka sira bakal ana kang kajupuk
ing wong didadekake priyagung ana ing
kratone ratu ing Babil.” 8 Sang Prabu Hizkia
ngandika marang Nabi Yesaya: “Saestu sae
pangandikanipun Pangeran Yehuwah ingkang
panjenengan pratelakaken punika!” Nanging
kang digalih: “Anggere sajege uripku kaanan
rukun lan tentrem!”

PERANGAN KAPINDHO

BAB 40-66

KASLAMETANING BANGSA KANG ANA ING PAMBUWANGAN

BAB 40-48

Pawarta bab pangluwaran

40:1-11

40 [1] UmatingSun lipuren, iya lipuren,
mangkono pangandikaning Allahira,
[2] atine Yerusalem ayemna
sarta nguwuh-uwuha
yen pangawulane wus rampung,
manawa kaluputane wus kaapura,
awit wus kaparingan paukuman dening astane Pangeran Yehuwah
tikel ping loro marga saka sakehing dosane.
[3] Ana swara kang nguwuh-uwuh:
"Nyawisna margi kagem Sang Yehuwah ana ing pasamunan,
ngencengna dalan gedhe kagem Allah kita
ana ing ara-ara samun!
[4] Saben ledhokan kaurugana,
tuwin saben gunung lan tengger kawaratakna;
tanah kang ana tengger-tenggere kadadekna tanah warata,

sarta tanah kang mendhak mandhukul
kadadekna papan lempar;
5 ing kono kamulyaning Sang Yehuwah bakal
kalairake
tuwin umat manungsa kabeh bakal
padha ndeleng iku bebarengan;
Pangeran Yehuwah piyambak nyata-nyata
wus ngandika mangkono!"
6 Ana swara kang dhawuh: "Sira nguwuh-
uwuha!"
Aku munjuk: "Punapa ingkang kedah
kawula ucapaken kalayan sora?"
"Umat manungsa kabeh iku kayadene suket
lan sakehing kaendahane kaya kembang
ing ara-ara.
7 Suket dadi aking,
kembang dadi alum,
manawa Pangeran Yehuwah ndamoni iku
kalawan napase.
Bangsa iku sanyatane kaya suket.
8 Suket dadi aking,
kembang dadi alum,
nanging pangandikaning Allah kita
tetep ing salawas-lawase."
9 He Sion, kang nggawa kabar becik,
munggaha ing gunung kang dhuwur!
He Yerusalem, kang nggawa kabar becik,
ulukna swaramu kang sora,
iya ulukna swaramu, aja wedi!
Wartakna marang kutha-kutha ing Yehuda:
"Delengen, iku Gusti Allahmu!"
10 Delengen, iku Pangeran Allah.

Anggone rawuh kalawan kakiyatan sarta ngasta pangwaos.
Lah kabeh kang dadi pituwasing rekaose padha nunggal kalawan Panjenengane;
kabeh kang wus dadi kagungane padha lumaku ana ing ngarsane.
11 Kayadene pangon Panjenengane anggone ngengen pepanthane,
sarta iku padha diklempakake kalawan astane;
cempene padha dipangku,
embokne padha katuntun kalawan ngatos-atos.

Gusti Allah iku ngungkuli sakehing allah

40:12-31

12 Sapa kang naker banyu sagara nganggo epek-epeke
sarta ngukur langit nganggo kilanane,
naker lebuning bumi nganggo takeran,
nimbang gunung-gunung nganggo timbangan,
utawa tengger-tengger nganggo traju?
13 Sapa kang bisa mranata Rohing Pangeran Yehuwah
utawa nyaosi pitedah marang Panjenengane kayadene juru pitutur?
14 Pangeran Yehuwah mundhut pitedah marang sapa supaya kagungan pangretosan,

lan sapa kang nyaosi piwulang marang Sang Yehuwah
ing bab nindakake pangadilan,
utawa sapa kang nyaosi piwulang bab kawruh marang Panjenengane
lan nyaosi pitedah supaya Panjenengane tumindak kalawan pangretosan?
15 Para bangsa iku sanyatane kayadene banyu satetes kang ana ing timba
tuwin kaanggep kayadene bledug saelas kang ana ing traju.
Pulo-pulo iku sanyatane bobote mung kaya awu alus.
16 Libanon iku ora cukup manawa kanggo kayu dang
lan satokewane ora cukup manawa kanggo kurban obaran.
17 Sakehing bangsa iku kayadene ora ana ing ngarsane
padha kagalih kopong lan tanpa guna.
18 Dadine Gusti Allah iku arep kok padhakake sapa,
lan apa kang kokanggep padha karo Panjenengane?
19 Apa reca? Iku kacithak dening tukang-wesi,
lan kalapis emas dening kemasan,
kang uga nggawekake rante-rantene salaka.
20 Wong kang ngedegake reca kayu,
iku milih kayu kang ora gelis gapuk,
golek tukang ahli
kang ngedegake reca
supaya ora bakal gelis hoyag.

21 Kowe apa padha ora sumurup? Kowe apa padha ora krungu?
Apa wiwit ing sakawit ora diwartakake marang kowe kabeh?
Apa kowe ora mangreti wiwit nalika bumi tinalesan?
22 Panjenengane kang lenggah ing dhampar ana ing sadhuwuring bunderan bumi
kang pendhudhuke kaya walang;
iya Panjenengane iku kang mbeber langit kaya lawon
lan masang iku kaya tarub kang dienggoni!
23 Iya Panjenengane iku kang ndadosake para panggedhe padha sirna
sarta kang ndadosake para hakim ing donya tanpa guna!
24 Lagi bae padha ditandur,
lagi bae padha disebar,
lagi bae cangkokane padha metu oyode ana ing lemah,
wus padha didamoni dening Panjenengane, satemah banjur padha garing,
lan kabur dening prahara kaya damen.
25 Ingsun iki arep sira padhakake sapa
kang kaya-kaya dadi pepadhaningSun?
Mangkono pangandikane Kang Mahasuci.
26 Mripatmu arahna marang ing langit
lan delengen: sapa kang nitahake sakehing lintang iku
tuwin ndhawuhi metu sakehing wadya-balane
kalawan nimbali jenenge iku kabeh?
Siji bae ora ana kang ora sowan,

amarga Panjenengane iku Mahakwaos lan
Maha-santosa.
27 Yagene kowe ngucap mangkono, he Yakub,
sarta celathu mangkene, he Israel:
“Uripku iki samar tumrap Sang Yehuwah,
tuwin wewenangku ora digalih dening
Allahku?”
28 Apa kowe ora sumurup,
lan kowe apa ora krungu?
Pangeran Yehuwah iku Gusti Allah kang
langgeng
kang nitahake bumi wiwit poncot tekan
poncot;
Panjenengane ora sayah lan ora lesu,
kawicaksanane ora kena jinajagan.
29 Panjenengane paring kakuwatan marang
kang sayah
lan paring tambahing karosan marang
kang tanpa daya.
30 Para wong nom-noman padha dadi sayah
lan lesu
lan para taruna padha kesandhung tiba,
31 nanging wong kang padha nganti-anti
marang Pangeran Yehuwah kaparingan
kakuwatan anyar:
padha mabur mumbul kaya manuk
garudha
kalawan kakuwataning swiwine;
padha lumayu lan ora nganti lesu,
padha lumaku nanging ora sayah.

Pangeran Yehuwah nganakake juru pangluwaran

41:1-7

41 1 He pulo-pulo, padha menenga lan ngrungokna marang Ingsun;
para bangsa padha oleha kakuwatan anyar!
Cikben padha nyedhak lan banjur munjuk:
Ayo padha maju bebarengan lan prakaran!
2 Sapa kang ngobahake wong iku saka ing wetan,
kang ngobahake wong kang saben tumindak mesthi unggul,
kang nelukake para bangsa ana ing ngarepe
lan nglorod para raja?
Pedhange njalari para raja mau dadi kaya lebu
sarta panahe marakake kaya damen kang didamoni.
3 Banjur mburu para raja mau sarta liwat ing dalan
kang durung tau diambah, kanthi slamet.
4 Sapa kang nglakoni lan nindakake iku kabeh?
Panjenengane, kang wiwit biyen mula nimbali para turuning manungsa,
Ingsun, Yehuwah, kang dhisik dhewe,
tuwin tumrap para wong kang keri dhewe,
Ingsun tetep Panjenengane iku uga.
5 Pulo-pulo padha sumurup lan banjur wedi,
poncot-poncoting bumi padha gumeter;

padha teka lan saya cedhak.
6 Padha tulung-tinulung lan celathu marang
kancane:
“Atimu sing tatag!”
7 Si pandhe nyantosakake si kemasan,
kang nipisake logam kalawan palu
nyantosakake atine kang nggembleng
ing paron;
lan banjur celathu marang si tukang patri:
“Iku becik,”
tuwin garapane nuli dikukuhake kalawan
paku,
supaya ora gonjang-ganjing.

Israel abdine Pangeran Yehuwah

41:8-20

8 Nanging sira, he Israel, abdiningSun,
he Yakub, kang wus Sunpilih,
turune Abraham, mitraningSun;
9 sira kang wus Sunpundhut saka ing
poncot-poncoting bumi
sarta kang wus Suntimbali saka ing
pojok-pojoke,
Ingsun ngandika marang sira: “Sira iku
abdiningSun,
sira wus Sunpilih lan ora Suntampik”;
10 sira aja wedi, sabab Ingsun nganthi
marang sira,
sira aja melang-melang, awit Ingsun iki
Allahira.
Ingsun bakal nyantosakake, malah bakal
mitulungi sira;

Ingsun bakal nganthi sira kalawan
astaningSun tengen kang njalari
menang.
11 Lah sakehe wong kang nepsu marang sira
bakal kawirangan lan nandhang kanisthan;
para wong kang madoni sira bakal padha
kayadene ora ana
tuwin bakal padha nemu karusakan;
12 sira bakal nggoleki wong-wong kang padha
nglawan marang sira,
nanging ora bakal ketemu;
para wong kang merangi sira bakal kayadene
ora ana
lan tanpa guna.
13 Sabab Ingsun iki, Pangeran Yehuwah,
Allahira,
nyepeng tanganira tengen,
tuwin ngandika marang sira: "Sira aja wedi,
iya Ingsun iki kang mitulungi sira."
14 Sira aja wedi, he si cacing Yakub,
he si uler Israel!
Iya Ingsun iki kang mitulungi sira,
mangkono pangandikane Pangeran Yehuwah,
lan nebus sira iku Kang Mahasuci, Gusti
Allahe Israel.
15 Lah sira Sundadekakake piranti pangrontogan
kang landhep lan anyar, kang ana untune
rong larik;
sira bakal ngrontogi gunung-gunung sarta
iku bakal padha sira remuk,
sarta tengger-tengger iya bakal sira
dadekakake kaya mrambut,

16 bakal padha sira tapeni, lan banjur padha
kabur ing angin,
tuwin bakal mawut dening prahara.
Nanging sira iki bakal surak-surak
awit saka Pangeran Yehuwah
tuwin nggunggung-nggunggung marga
saka Kang Mahasuci, Gusti Allahe Israel.
17 Para wong kang sangsara lan kang miskin
lagi padha golek banyu, nanging ora oleh,
ilate padha garing marga kasatan;
nanging Ingsun Yehuwah, bakal minangkani
kabutuhane wong-wong mau,
sarta sarehne jumeneng dadi Allahe Israel
Ingsun ora bakal negakake wong-wong
mau.
18 Ingsun bakal ndadekake tengger-tengger
kang gundhul, padha ana kaline
sarta tanah warata banjur ana sumber-
sumbere;
Ingsun bakal ndadekake ara-ara samun dadi
telaga
tuwin tanah mati banjur metu banyune.
19 Ingsun bakal nanem wit eres ana ing
ara-ara samun,
wit sirah, wit jambu keling lan wit jaitun
alas;
Ingsun bakal damel thukule wit beros ana
ing pasamunan
sarta wit berangan lan wit cemara ing
sandhinge,
20 supaya kabeh wong padha ndeleng lan
sumurup,
nggatekake lan ngreti,

manawa astane Sang Yehuwah kang karya
iki kabeh
sarta Kang Mahasuci, Gusti Allahe Israel
kang nitahake.

Pangeran Yehuwah nantang para brahala

41:21-29

21 padha ngajokna prakaranira, mangkono
Pangandikane Sang Yehuwah,
mratelakna alasan-alasanira, mangkono
pangandikane Sang Prabu, Gusti Allahe
Rama Yakub.
22 Cikben padha maju lan martakake marang
aku kabeh
apa kang bakal kelakon!
Pameca kang biyen iku terangna apa tegese,
supaya aku padha mikir-mikir,
utawa bab-bab kang bakal kelakon, iku aku
padha kandhanana,
supaya aku padha nyumurupi kawusanane!
23 Mratelakna bab-bab kang bakal kelakon
sawuse iku,
supaya aku padha sumurup, manawa kowe
kabeh iki nyata allah;
padha tumindaka bae, becik apa ala,
supaya aku padha ndeleng bebarengan
kalawan gumun!
24 Kowe kabeh iku sanyatane kaya ora ana
ing panggawe-panggawemu iku tanpa isi;
wong kang milih kowe iku nistha.
25 Ingsun wus ngobahake wong saka ing lor
lan iku wus teka,

Ingsun wus nimbali wong iku saka ing sisih
pletheking srengenge kalawan nyebut
jenenge.
Kayadene kundhi ngiles-iles lempung,
kaya mangkono anggone wong iku bakal
ngidak-idak para kang nyekel pangwasa
kaya endhut.
26 Sapa kang aweh sumurup bab iku wiwit
ing sakawit, satemah aku banjur padha
sumurup,
lan wiwit biyen, satemah aku nuli padha
mratelakake:
“Apa bener wong iku?”
Sanyatane ora ana knag aweh sumurup,
ora ana wong kang ngabari
ora ana wong kang krungu tembung
sakecap bae saka kowe.
27 Ingsun kang dhisik dhewe paring sumurup
marang Sion,
sarta Ingsun banjur ngintunake wong
menyang Yerusalem kang nggawa kabar
becik.
28 Manawa Ingsun mirsani mubeng, ora ana
wong siji-sijia,
lan panunggalaning wong kabeh iku ora
ana kang bisa ngunjukake pituduh,
utawa kang bisa ngaturake wangsulan
manawa Ingsun ndangu marang
wong-wong iku.
29 Wong iku nyata-nyata kaya-kaya padha
ora ana,
panggawe-panggawene tanpa isi,

reca-recane cithakan iku angin lan tanpa
guna.

Abdine Pangeran Yehuwah

42:1-9

42 1 Delengen iku abdiningSun kang Sunasta,
pilihaningSun kang ndadekake renaningSun.
Kang wus Sunparingi RohingSun,
supaya banjur ngundhangake kabeneran marang para bangsa.
2 Iku ora bakal alok-alok utawa nyerokake swarane
lan ora bakal ngumbar swara ana ing dedalan.
3 Rayung kang pepes tumelung ora bakal kakethok,
tuwin uceng-uceng kang melik-melik ora bakal dipateni,
nanging iku bakal ngundhangake kabeneran kalawan setya.
4 Awake dhewe ora bakal lesah lan ora bakal pepes tumungkul,
nganti wus rampung anggone njejegake kabeneran ana ing bumi;
sakehing pulo-pulo ngarep-arep marang piwulange.
5 mangkene pangandikane Gusti Allah, Sang Yehuwah,
kang nitahake lan njereng langit,

kang mbeber bumi dalah kabeh kang
thukul ing kono,
kang paring ambegan marang umat
manungsa kang manggon ing kono
sarta kang maringi nyawa marang kang
padha urip ing kono:
6 “Ingsun iki, Yehuwah, wus nimbali sira
supaya ngundhangake kaslametan,
wus ngasta tanganira;
Ingsun wus ndhapuk sira lan maringake sira
dadi prajanjian tumrap umat manungsa,
dadi pepadhang tumrap para bangsa,
7 supaya ngelekke mripat kang wuta,
ngwetokake wong ukuman saka ing
tahanan
sarta para wong kang dumunung ing
pepeteng saka ing pakunjaran.
8 Ingsun iki Yehuwah, yaiku asmaningSun;
Ingsun ora bakal maringake
kamulyaningSun marang wong
liyane
utawa kasuwuringSun marang reca.
9 Pameca-pameca biyen saiki wus padha
kelakon,
bab-bab kang anyar bakal
Sunsumurupake.
Sadurunge bab-bab iku kelakon,
Sunsumurupake marang sira.”

Kekidungan bab kaslametan

42:10-17

10 padha ngunjukna kekidungan anyar
marang Sang Yehuwah
lan ngluhurna Panjenengane saka ing
poncoting bumi!
Sagara cikben gumuruh dalasan isine kabeh,
tuwin pulo-pulo dalasan kang ngenggoni
kabeh.
11 Ara-ara samun kareben nywara seru
dalasan kutha-kuthane lan desa-desa kang
dienggoni Kedar!
Kang ngenggoni gunung parang cikben
padha surak-surak,
kareben padha nguwuh-nguwuh saka ing
pucaking gunung-gunung!
12 Cikben padha nyaosi kaurmatan marang
Pangeran Yehuwah,
tuwin padha martakna bab anggone
ngluhurake Panjenengane ana ing
pulo-pulo.
13 Pangeran Yehuwah majeng perang
kayadene gegedhug,
kayadene prajurit anggone nggigah
semangate perang;
Panjenengane surak-surak, malah
nguwuh-uwuh,
marang para mungsuhe,
Panjenengane nedahake kaprawirane.
14 Ingsun kendel wiwit ing biyen mula,
Ingsun kendel lan ngampet,

saiki Ingsun njerit kaya wong wadon kang nglarani,
Ingsun menggah-menggah lan menggeh-menggeh.
15 Ingsun bakal ndadosake gundhuling gunung-gunung lan tengger-tengger,
sarta damel aluming sakehhe tetuwuhane;
Ingsun bakal ndadosake kali-kali padha dadi lemah garing
tuwin damel asat-nggerenging telaga-telaga.
16 Ingsun bakal nuntun para wong wuta
ana ing dalan kang durung tau padha diambah,
tuwin iku padha Sunlakokake
ing dalan-dalan kang durung disumurupi.
Pepeteng kang ana ing ngarepe bakal Sundadekake padhang,
sarta tanah kang mendhak-mendhukul bakal Sundadosake tanah warata.
Yaiku bab-bab kang bakal Suntandukake marang wong-wong mau,
lan kang mesthi bakal Suntindakake.
17 Wong kang padha kumandel marang reca tatahan
bakal padha mundur lan kawirangan,
yaiku para wong kang celathu marang reca cithakan:
"Paduka punika allah kawula!"

Bab gagal lan wutane Israel

42:18-25

18 Padha rungokna, he para wong budheg
padha mandenga lan ndelenga, he para wong wuta!
19 Sapa kang wuta yen dudu panunggalane abdiningSun,
tuwin kang budheg kaya utusaningSun?
Sapa kang wuta kaya utusaningSun
lan kang budheg kaya abdining Yehuwah?
20 Sira ndeleng prakara akeh, nanging ora nggatekake,
sira ngengklengake kuping, nanging ora krungu.
21 Pangeran Yehuwah demi karsane nylametake
kepareng maringake piwulange kang agung lan mulya;
22 nanging iku bangsa kang dijarah lan dirampog,
kabeh padha katangkep ana ing guwa-guwa
lan didhelikake ana ing omah-omah pakunjaran;
wus padha dadi jarahan lan ora ana kang ngluwari,
dadi rampasan lan ora ana kang celathu: “Balekna!”
23 Sapa panunggalanmu kang gelem nilingake kupinge marang prakara iki,

kang gelem nggatekake lan ngrungokake
kanggo ing sateruse?
24 Sapa kang ngulungake Yakub supaya
karampas,
lan Israel marang kang padha ngrayah?
Apa iku dudu Pangeran Yehuwah?
Amarga kita wus dosa marang Panjenengane,
lan lumuh lumaku ing dalan pitedahe,
tuwin ora gelem ngrungokake marang
piwulange.
25 Mulane Panjenengane banjur ndawahi
bentering bebendune
lan peperangan kang ngedab-edabi
kan nggesengake saka ing sakubenge,
ewasamono iku ora dimangreteni,
tuwin kang ngobong dheweke, nanging iku
ora digatekake.

Amung Gusti allah kang jumeneng dadi penebus, ora ana liyane

43:1-7

43 1 Nanging saiki mangkene pangandikane
Sang Yehuwah
kang nitahake kowe, he Yakub,
kang mangun kowe, he Israel:
"Sira aja wedi, awit Ingsun wus nebus sira,
Ingsun wus nimbali sira kanthi nyebut
jenengira,
sira iki kagunganingSun.
2 Manawa sira nyabrang ing banyu,
Ingsun bakal nganthi marang sira,
utawa ngliwati kali-kali, sira ora bakal keli;

manawa sira lumaku liwat ing geni, sira
ora bakal geseng,
lan urubing geni ora bakal ngobong sira.
3 Amarga Ingsun iki Yehuwah, Allahira,
Kang Mahasuci, Allahe Israel, Juru-
slametira.
Mesir Sunagem nebus sira,
lan Etiopia sarta Syeba Sunparingake
minangka gegentinira.
4 Ing sarehne sira iku aji ana ing
paningalingSun
tuwin mulya, sarta Ingsun asih marang
sira,
mulane Ingsun maringake manungsa
minangka gegentinira,
tuwin bangsa-bangsa minangka
gegentining nyawanira.
5 Sira aja wedi, awit Ingsun nganthi marang
sira,
Ingsun bakal ndhatengake anak-putunira
saka ing wetan,
sarta Ingsun bakal nglempakake sira saka
ing kulon.
6 Ingsun bakal ngandika marang lor:
'Wenehna!'
lan marang kidul: 'Aja sira gondheli!'
Para putraningSun kakung sira gawanana
saka ing adoh,
tuwin para putraningSun putri saka ing
poncot-poncoting bumi,
7 yaiku sakehing wong kang jenenge nganggo
asmaningSun,
kang Suntitahake kagem kamulyaningSun,

kang Sunwangun lan kang uga
Sundadosake!”

Israel dadi seksine Pangeran Yehuwah

43:8-21

8 Kareben wong ngajokake bangsa kang wuta
sanadyan ana mripate,
kang budheg sanadyan duwe kuping!
9 Cikben padha nglumpuk bebarengan
sakehing bangsa iku,
lan cikben padha nglumpuk sakehing suku
bangsa iku!
Panunggalane iku sapa kang bisa aweh
pawarta bab-bab iki,
kang bisa mratelakake marang kita
bab-bab kang kelakon dhek biyen?
Cikben padha nggawa seksi-seksine, supaya
kacihna yen ora luput;
wong kareben krungu lan banjur celathu:
“Bener mangkono!”
10 “Sira iki padha dadi seksiningSun,”
mangkono pangandikane Pangeran Yehuwah,
“tuwin abdiningSun kang wus Sunpilih,
supaya sira padha sumurup lan kumandel
marang Ingsun
lan mangreti, manawa Ingsun iki tetep
Panjenengane.
Sadurunge Ingsun ora ana Allah kang
jumeneng,
sarta sawuse Ingsun bakal ora ana liyane
maneh.
11 Ingsun, iya Ingsun iki Yehuwah

lan ora ana Juru-slamet kejaba Ingsun.
12 Ingsun iki kang paring sumurup, kang paring karahayon lan pawarta,
tuwin dudu allah ngamanca kang ana ing tengahira.
Sira iku padha dadi seksiningSun,”
mangkono pangandikane Sang Yehuwah,
“lan Ingsun iki Allah.
13 Uga sabanjure Ingsun iki tetep Panjenengane,
tuwin ora ana kang bisa luwar saka ing astaningSun;
Ingsun kang nindakake, sapa kang bisa malangi?”
14 Mangkene pangandikane Pangeran Yehuwah,
Juru Panebusmu, Kang Mahasuci,
Gusti Allahe Israel:
“Marga saka sira Ingsun karsa utusan wong menyang ing Babil
lan karsa nyingkirake slarak-slarake lawanging pakunjaran kabeh,
tuwin surak-surake wong Kasdim banjur dadi pasambat.
15 Ingsun iki Yehuwah, Kang Mahasuci, Allahira,
Ratunira kang nitahake Israel.”
16 Mangkene pangandikane Pangeran Yehuwah,
kang wus karya dalan ngliwati sagara
lan ngliwati banyu kang ngedab-edabi,
17 kang wus dhawuh marang kreta lan jaran supaya padha ngetoni perang,

uga wadya-bala lan wong prakosa --
iku padha gumlethak, ora bisa tangi,
wus padha mati, wus mati kaya uceng-uceng --.
18 Mangkene pangandikane: “Aja padha ngeling-eling bab-bab kang wus kepungkur,
lan aja mikir marang bab-bab kang wus kelakon dhek jaman kuna!
19 Lah Ingsun karsa damel kang anyar,
kang saiki wus tuwuh, apa sira durung sumurup?
Malah Ingsun bakal karya dalan ana ing ara-ara samun
lan kali-kali ana ing pasamunan.
20 Kewan ing alas bakal ngluhurake Ingsun,
asu ajag lan manuk unta,
awit Ingsun wus karya banyu kang muncar-muncar ing ara-ara samun
lan kali kang padha mili ing pasamunan,
kanggo ngombeni umat pepilihaningSun;
21 umat kang wus Ingsun dhapuk kagem Ingsun
iku bakal martakake misuwuringSun.”

Dosane Israel kaapura

43:22-28

22 “Sanyata, sira ora nyebut marang Ingsun, he Yakub,
sarta sira ora mreduli marang Ingsun, he Israel.

23 Sira ora nyaosi kurban obaranira wedhus
gembel marang Ingsun,
tuwin ora ngluhurake Ingsun kalawan
kurban sembelehanira.
Ingsun ora ngebot-eboti sira kanthi mundhut
kurban dhaharan,
sarta nyusahake sira kanthi mundhut
menyan.
24 Sira ora mundhutake Ingsun tebu wangi
sarana dhuwit,
utawa gawe tuwukingSun kalawan gajihe
kurban sembelehanira.
Nanging sira ngebot-eboti Ingsun kalawan
dosanira,
sira gawe sungkawaningSun kalawan
kaluputanira.
25 Ingsun, iya Ingsun iku Panjenengane kang
ngicali dosaning pambalelanira marga
saka Ingsun piyambak,
lan Ingsun ora ngenget-enget marang
dosanira.
26 Sira ngengetana Ingsun, ayo kita padha
prakaran,
ajokna samubarang kabehe supaya
kacihna anggonira bener!
27 Bapa leluhurira kang kawitan wus dosa,
lan juru pirembagira wus mbalela marang
Ingsun.
28 Dadine Ingsun kepeksa najisake para
pemimpine papan pasucen,
lan kepeksa ngulungake yakub supaya
katumpes
sarta Israel supaya dicecamah."

Pangeran Yehuwah iku kang jumeneng Allah, ora ana liyane

44:1-8

44 1 "Nanging saiki rungokna, he Yakub, abdiningSun,
lan he Israel, kang wus Sunpilih!
2 Mangkene pangandikane Pangeran Yehuwah kang nitahake sira,
kang mangun sira wiwit ing wetengan
tuwin kang mitulungi sira:
Sira aja wedi, he abdiningSun Yakub,
sarta he Yesyurun, kang wus Sunpilih!
3 Sabab Ingsun bakal ngesokake banyu ing tanah kang ngelak,
lan udan deres ing panggonan kang garing.
Ingsun bakal ngesokake RohingSun ig sirahe turunira,
lan berkahingSun marang anak-putunira.
4 Iku bakal padha tuwuh kaya suket ing satengahe banyu,
kaya wit gandarusa ing pinggiring kali.
5 Kang siji bakal celathu: Aku iki kagungane Sang Yehuwah,
sijine bakal nyebut awake dhewe klawan jenenge Yakub,
lan sijine maneh bakal nulis ing tangane: Kagungane Pangeran Yehuwah,
sarta bakal nyebut awake dhewe nganggo jenenge Israel."

6 Mangkene pangandikane Pangeran
Yehuwah, Ratu lan Juru Panebuse Israel,
Sang Yehuwah, Gustining sarwa dumadi:
“Ingsun iki kang kawitan lan iya Ingsun iki
kang wekasan,
ora ana Allah liyane kajaba Ingsun.
7 Sapa kang kaya Ingsun? Iku kareben
nguwuh-uwuh mangkono,
cikben mratelakake lan ngandhakake bab
iku ana ing ngarsaningSun!
Sapa kang wiwit ing jaman kuna
ngandhakake bab-bab kang bakal
kelakon?
Apa kang bakal kadadean kareben padha
diwartakake marang aku kabeh!
8 Sira aja gumeter lan aja wedi,
awit bab iku pancen wiwit biyen mula
wus Sunwartakake lan Sunsumurupake
marang sira.
Sira kabeh iku kang padha dadi seksi-
seksiningSun! Apa ana Allah liyane
kejaba Ingsun?
Ora ana Gunung Parang liyane, Ingsun ora
mirsa liyane!”

Memuja marang reca iku bodho banget

44:9-20

9 Wong kang gawe reca iku kabeh tanpa
guna, sarta barang-barang kang disenengi
iku ora ana paedahe. Kang nyembah reca iku
padha ora ndeleng lan ora sumurup apa-apa,
mulane bakal padha kawirangan.
10 Sapa ta

kang mangun allah lan nyithak reca kang
tanpa paedah iku? 11 Sakehe panganute bakal
padha kawirangan, lan tukang-tukange iku
manungsa lugu. Iku cikben padha nglumpuk
kabeh sarta padha kareben gumregah ngadeg!
Mesthi bakal padha gumeter lan padha wirang
bebarengan. 12 Tukang besi anggone gawe
iku nganggo kalebokake ing geni mawa lan
kagembleng kalawan palu; anggone nindakake
iku kanthi migunakake sakehing kakuwatane
tangane. malah kalawan ngampet luwe nganti
entek kakuwatane lan ora ngombe banyu
nganti sayah lesu. 13 Tukang kayu menthang
tali ukuran lan gawe cengkorongan reca
nganggo kapur abang; anggone nindakake
nganggo tatah lan digarisi nganggo jangka,
nuli kawangun wong lanang, manungsa kang
bagus sarta kadekek ing omah pamujan.
14 Bisa uga tukang mau negor wit eres utawa
milih wit tirzan apa wit elon, kang dietogake
tuwuhe ngangti dadi gedhe ana ing satengahe
wit-witan ing alas, utawa nandur wit salam,
kang marga saka kodanan banjur dadi gedhe.
15 Lan kayune kadadekakake kayu bong dening
manungsa, kanggo api-api, sarta maneh
kanggo gegenen kagawe ngratengi roti.
Nanging uga salong kanggo gawe allah, kang
disembah-sembah; digawe reca, kang banjur
disujudi. 16 Ana maneh kang diobong kagawe
manggang daging. Daging panggangan mau
dipangan nganti wareg; tumuli api-api kambi
celathu: “Lah awakku wis anget, aku wis
ngrasakake panasing geni.” 17 Sarta turahane

kayu mau banjur digawe allah, dadi reca
sesembahane, iku disujudi, disembah-sembah
kalawan ndedoga: “Muga karsaa mitulungi
kawula, awit paduka punika allah kawula.”
18 Wong kang kaya mangkono iku ora sumurup
apa-apa lan ora ngreti apa-apa, sabab mripate
kraket merem, satemah ora bisa ndeleng;
tuwin atine uga buntet, mulane ora bisa
mangreti. 19 Ora ana kang nimbang-nimbang,
ora ana kang kawruhe utawa pangretene
cukup temah bisa kandha: “Ana kang wus
dakobong ing geni lan arenge wus dakanggo
ngratengi roti, dakanggo manggang daging
kang banjur dakpangan. Apa iya turahane nuli
dakanggo gawe dewaning kanisthan?” 20 Wong
kang tansah ribut bab awu, iku kasasarake
dening atine kang kapusan; ora bisa gawe
slameting nyawane utawa kandha: “Apa dudu
bab kang cidra kang dadi gondhelanku iki?”

Pangeran Yehuwah iku Juru Penebuse Israel

44:21-28

21 Ngelingana bab iki kabeh, he Yekub,
sabab sira iku abdiningSun, he Israel.
Ingsun kang wus mangun sira, sira iku
abdiningSun;
he Israel, sira ora Sunsupekakake.
22 Ingsun wus ngicali sakehe dosaning
pambalelanira kayadene pedhut kang
kabur ing angin,

lan sakehe dosanira kaya mendhung kang kanginan.
Sira balia marang Ingsun, amarga sira wus Suntebus!
23 Surak-suraka, he langit, awit Pangeran Yehuwah wus tumandang,
sumyak-sumyaka, he telenging bumi!
Padha gambiraa kalawan surak-surak, he gunung-gunung,
he alas dalasan sakehe wit-witane kang ana ing kono!
Sabab Sang Yehuwah wus nebus Yakub,
sarta Panjenengane wus ngatingalake kamulyane ing bab Israel.
24 Mangkene pangandikane Sang Yehuwah, Juru Panebusmu,
kang mangun kowe wiwit saka ing wetengan:
"Ingsun iki Yehuwah, kang nitahake samubarang kabeh,
kang njereng langit piyambakan,
kang nggelar bumi -- sapa kang mbiyantu Ingsun? --
25 Ingsun iki kang ngwurungake tandha-tandhane juru pameca goroh
lan kang ngagem dolanan para tukang tenung;
kang damel mundure para wong wicaksana,
lan nyantuni kawruhe dadi kabodhoan;
26 Ingsun kang nyantosakake tembung-tembunge para abdiningSun

lan nindakake putusan-putusan
kang diundhangake dening para
utusaningSun;
kang ngandika bab Yerusalem: Prayoga
dienggoni,
lan tumrap kutha-kutha ing Yehuda:
Prayoga dibangun,
Ingsun karsa ngedegake maneh
jugrugane!
27 Ingsun kang ngandika marang telenging
sagara: Dadia asat,
Ingsun karsa ngasatake kali-kalinira!
28 Ingsun kang ngandika bab Koresy: Iku
abdi pangoningSun
sakehing karsaningSun bakal dilakoni
iku bakal celathu bab Yerusalem: Iku prayoga
dibangun!
tuwin bab Padaleman Suci: Tetalese
prayoga kapasang!"

Pangeran yehuwah ngagem Sang Prabu Koresy, kadadosake pirantose

45:1-8

45 1 Mangkene pangandikane Pangeran
Yehuwah: "Iki pangandikaningSun
marang wong kang Sunjebadi,
marang Koresy kang Sunkanthi tangane
tengen,
Sunagen nelukake bangsa-bangsa kang ana
ing ngarepe
lan mblejedi para raja,

Sunagem ngengakake lawang-lawang ing ngarepe
lan supaya gapura-gapura aja terus mineb.
2 Ingsun piyambak bakal lumampah ana ing ngarepira
sarta bakal ngrata gunung-gunung,
bakal mbejadi lawang-lawang tembaga
lan bakal nugeli slarak-slarak wesi.
3 Ingsun bakal maringi sira raja-brana kang kapendhem
tuwin raja-darbe kang siningidake,
supaya sira sumurup, manawa Ingsun iki Yehuwah, Allahe Israel,
kang nimbali sira kalawan nyebut jenengira.
4 Marga saka abdiningSun Yakub
lan Israel, pilihaningSun,
Ingsun banjur nimbali sira kalawan nyebut jenengira,
paring sesebutan marang sira, sanadyan sira ora wanuh marang Ingsun.
5 Iya Ingsun iki Yehuwah ora ana liyane;
kajaba Ingsun ora ana allah maneh.
Ingsun wus paring gegamaning perang marang sira,
sanadyan sira ora wanuh marang Ingsun,
6 supaya wiwit ing papan pletheking srengenge
nganti tekan papan surupe, wong sumurup, manawa ing sajabaningSun ora ana liyane maneh.
Ingsun iki Yehuwah la ora ana liyane,

7 kang ndadekake padhang lan nitahake peteng,
kang damel begja lan cilaka;
Ingsun Yehuwah kang nindakake iki kabeh.
8 He langit, netesna kaadilan saka ing dhuwur,
tuwin cikben disokake dening mendhung!
Bumi kareben ngengakake badane
lan metokake trubusaning kaslametan,
apamaneh cikben nuwuhake kaadilan!
Iya Ingsun iki Yehuwah kang nitahake iki kabeh."

Pangeran Yehuwah iku kang nitahake samubarang kabeh

45:9-19

9 Bilai wong kang padu kalawan Kang Nitahake;
ora liya iku mung wingka pecahan kendhil!
Apa lempung bakal celathu marang kundhi:
"Apa kang kokgawe?"
utawa marang apa kang wus digawe:
"Kowe iku ora duwe tangan!"
10 Bilai wong kang celathu marang bapakne:
"Apa kang kokanakake?"
lan marang ibune:
"Apa kang koklairake?"
11 Mangkene pangandikane Sang Yehuwah,
Kang Mahasuci, Gusti Allah kang nitahake Israel:
"Apa sira kang matur pitakon marang Ingsun bab putra-putraningSun,

utawa kang prentah marang Ingsun bab
apa kang kadamel dening astaningSun?
12 Iya Ingsun iki kang yasa bumi
lan kang nitahake manungsa ana ing kono;
iya astaningSun iki kang nggelar langit,
lan iya Ingsun kang ngereh sakehing
balane.
13 Iya Ingsun iki kang ngobahake Koresy
kalawan karsaningSun arep paring
kaslametan,
tuwin Ingsun bakal ngrata dalane kabeh;
iya dheweke iku kang bakal mbangun
kuthaningSun,
sarta kang bakal ngluwari para wongingSun
kang padha ana ing pambuwangan,
tanpa bayaran lan tanpa besel,"
mangkono pangandikane Pangeran
Yehuwah Gustining sarwa tumitah.
14 Mangkene pangandikane Pangeran
Yehuwah:
"Pametuning tanah Mesir lan sakehing
kauntungane Etiopia
lan para wong ing Syeba, para wong kang
pawakane dhuwur,
bakal padha ngalih marang tanahira tuwin
dadi duwekira,
iku bakal padha lumaku ana ing burinira
kalawan dirante;
bakal padha sujud marang sira sarta bakal
ngempek-empek marang sira kalawan
tembunge:

Namung wonten ing tengah-tengah
paduka Gusti Allah punika, tuwin
sanesipun boten wonten;
kajawi Panjenenganipun boten wonten
allah sanesipun!
15 Sanyata, Paduka punika Gusti allah
ingkang sesingidan,
Gusti Allahipun Israel, Sang Juruwilujeng.
16 Nanging para tukang brahala kudu mundur
kalawan wirang,
kabeh bakal kawirangan lan pancen
kalepetan ing wirang.
17 Dene Israel kaparingan karahayon dening
Sang Yehuwah
karahayon kang langgeng;
sira ora bakal padha kawirangan tuwin ora
bakal kalepetan wirang
nganti ing salawase lan ing sateruse."
18 Sabab mangkene pangandikane Sang
Yehuwah,
kang nitahake langit,
-- iya Panjenengane iku Gusti Allah --
kang karya bumi lan kang yasa
sarta kang nyantosakake iku,
-- apadene anggone nitahake iku ora
banjur disuwungake,
nanging iku katitahake supaya
dienggoni --:
"Iya Ingsun iki Yehuwah lan ora ana liyane.
19 Ora tau Ingsun ngandika kalawan
asingidan
tuwin ana ing panggonan ing bumi kang
peteng.

Ora tau Ingsun dhawuh marang turuning Yakub
supaya ngupaya Ingsun kalawan nglaha!
Ingsun, Yehuwah, manawa ngandika mesthi bener,
sarta tansah martakake apa kang sanyata."

Bangsa-bangsa padha katimbalan supaya padha bali marang Pangeran Yehuwah

45:20-25

20 "Sira padha nglumpuka lan padha mrenea,
padha majua bebarengan,
he sira kabeh kang padha oncat
saka ing antarane para bangsa!
Iku padha ora duwe kawruh
wong kang padha ngarak recane kayu
lan kang padha ndedonga marang allah
kang ora bisa aweh karahayon.
21 Sira padha nerangna lan mratelakna alasanira,
cikben padha rerembugan bebarengan:
Sapa kang aweh pawarta bab iki wiwit jaman kuna mula,
tuwin kang mratelakake wiwit biyen?
Apa dudu Ingsun, Yehuwah?
Ora ana liyane, ora ana allah liyane kajaba Ingsun!
Allah kang adil lan kang jumeneng Juru-slamet,
ora ana liyane kajaba Ingsun!
22 Padha sowana marang ing ngarsaningSun
supaya sira padha kaparingan slamet,

he poncot-poncoting bumi!
Sabab iya Ingsun iki Allah lan ora ana liyane.
23 Demi Ingsun piyambak Ingsun wus supaos,
saka ing tutukingSun wus kalair kabeneran,
pangandika kang ora bakal kaceled;
sarta kabeh wong bakal padha sujud jengkeng ana ing ngarsaningSun sarta padha sumpah manawa bakal setya marang Ingsun,
kanthi migunakake sakehing basa,
24 kalawan celathu: Kaadilan lan kasantosan
iku mung tinemu ana ing Pangeran Yehuwah.
Sakehe wong kang wus nepsu marang Panjenengane
bakal padha sowan ing ngarsane lan bakal nandhang wirang,
25 nanging turune Israel kabeh
bakal kacihna manawa bener lan bakal rumangsa begja ana ing ngarsaning Pangeran Yehuwah."

Para Dewa ing Babil iku tanpa daya

46:1-13

46 1 Dewa Bel wus katelukake, dewa Nebo wus kaesorake,
reca-recane wus padha kamomotake ing kewan;
kamomotake ing raja-kaya

kang maune padha sira arak, saiki wus padha kaemotake
dadi momotaning kewan kang sayah,
2 kang ora bisa nylametake momotane iku.
Dewa-dewa iku kaesorake lan katelukake bebarengan
lan banjur padha dadi tawanan dhewe.
3 "Padha rungokna Ingsun, he para turune Yakub,
he sakehe turune Israel kang isih kari,
he para wong kang Sungendhong wiwit ing wetengan,
he para wong kang Sunbopong wiwit ana ing sajroning guwa-garba.
4 Nganti sira tuwa Ingsun iki tetep Panjenengane
lan nganti rambutira putih anggoningSun nggendhong sira kabeh.
Ingsun wus tumindak mangkono tuwin karsa terus nanggung sira kabeh;
Ingsun karsa ngrembat lan nylametake sira.
5 Sira bakal padha madhakake lan nandhing Ingsun karo sapa
lan sira njejerake sapa, temah banjur padha?
6 Wong ngetokake emas saka ing kanthonge
lan mbobot salaka kalawan timbangan,
banjur ngopahi wong dikon nggawekake allah nganggo bakal mau,
nuli disembah-sembah lan uga disujudi!
7 Allahe iku tumuli ditumpangake ing pundhak,

dipikul lan diprenahake ing panggonane;
allahe iku banjur ngadeg ana ing kono ora bisa ngalih saka ing panggonane.
Sanadyan diuwuh-uwuh ing wong, ora mangsuli
lan ora bisa ngluwari wong saka ing karupekane.
8 Iku padha elingana lan padha rumangsaa wirang,
padha timbang-timbangen ing sajroning ati,
he para wong kang padha mbalela!
9 Sira padha ngelingana lelakon-lelakon biyen kang kadadean dhek jaman kuna,
manawa iya Ingsun iki Allah lan ora ana liyane,
Ingsun iki Allah lan ora ana kang kaya Ingsun,
10 kang paring sumurup wiwit ing sakawit prakara kang ing tembe bakal kelakon
lan wiwit ing jaman kuna apa kang durung kelakon,
kang ngandika: PutusaningSun bakal tumindak,
tuwin sakehe karsaningSun bakal kelakon,
11 kang nimbali manuk galak saka ing wetan,
lan wong kang nindakake putusaningSun kang asale saka nagara kang adoh.
Ingsun wus ngandika mangkono lan iku bakal Suntindakake,
Ingsun wus ngrancang mangkono lan iku bakal Sunwujudake.

12 Padha ngrungokna Ingsun, he para wong
gumunggung,
para wong kang adoh saka ing kabeneran:
13 Kaslametan kang saka Ingsun wus cedhak,
amarga Ingsun kang nyelakake tuwin
pangluwaran kang Sunparingake
ora bakal karandhatake maneh;
Ingsun bakal paring pangentasan ana ing
Sion
sarta kamulyaningSun marang Israel.”

Rusake nagara Babil

47:1-15

47 1 Tumuruna lan lungguha ing lebu,
he kenya, putri ing Babil!
Lungguha ing lemah tanpa dhampar,
he putri Kasdim!
Amarga sira ora bakal kaaranan maneh
manis lan kenes.
2 Sira njupuka watu gulingan lan nggilinga
glepung,
bukaken kudhungira;
silakna sarungira, liganen pupunira,
nyabranga ing kali!
3 Kareben wewadinira katon ngeblak
lan cikben kanisthanira katon!
Ingsun bakal ndhawahake piwales
lan ora bakal ngeman wong siji-sijia,
4 mangkono pangandikane Juru Panebus kita,
Pangeran Yehuwah, Gustining sarwa
tumitah asmane,
Kang Mahasuci, Gusti Allahe Israel.

5 Lungguha kalawan meneng lan lumebua ing pepeteng,
he putri Kasdim!
Sabab sira ora bakal dikandhakake maneh
dadi ratu ing sadhuwure para karajan.
6 Ingsun maune duka marang umatingSun,
najisake pusaka kagunganingSun,
sarta Sunpasrahake ing tanganira;
sira ora welas marang wong-wong iku,
malah banget-banget anggonira ngetrapi pasangan kang abot
marang wong kang wus tuwa.
7 Maune sira ngucap: “Tetep ing salawas-lawase
anggonku jumeneng dadi ratu!”
Nanging sira ora eling
tuwin ora mikir marang wekasane iku kabeh.
8 Mulane iki sira rungokna, he wong kang urip seneng-seneng,
kang mung lelinggihan kalawan ayem,
kang mosik sajroning atimu mangkene:
“Ora ana liyane ing sandhingku!
Aku ora bakal dadi randha,
lan ora bakal cures turunku!”
9 Rong prakara iki bakal nekani sira,
ing sakedhap netra, ing sajroning sadina uga.
Sira bakal dadi randha lan turunira
bakal sirna babar pisan
iku bakal tumempuh marang sira,
sanadyan ekeh sikirira
tuwin mandi banget mantranira.

10 Ing maune sira rumangsa slamet ing
sajroning pialanira;
sira ngucap: “Ora ana kang weruh aku!”
Kawicaksananira lan kawruhira
iku kang nasarake sira,
satemah sira mosik ing sajroning atinira:
“Kajaba aku ora ana liyane!”
11 Nanging sira bakal tinempuh ing bilai,
sira ora bisa nandukake japa-mandtanira
marang kadadean iku;
sira bakal nandhang sangsara,
sira ora bakal bisa nulak iku kalawan caos
kurban;
sira bakal katempuh ing karusakan kalawan
dadakan,
kang ora sira kira babar pisan.
12 Sira dipanggah bae kalawan ngantepi
sakehing mantranira
lan sikirira kang akeh iku,
kang sira endelake wiwit cilikira;
mbokmanawa sira saguh nekakake
pambiyantu,
mbokmanawa sira bisa nuwuhake pagiris.
13 Sira wus sayah marga saka kehe pituduh!
Cikben padha maju lan ngluwari sira
wong-wong kang padha naliti sakehing
pojoke langit,
kang padha niti-priksa lintang-lintang
sarta kang saben tanggal enom
aweh pawarta bab apa kang bakal kelakon
tumrap sira!
14 Sanyata, wong-wong iku kaya dami
kang kaobong ing geni;

padha ora bisa ngluwari nyawane
saka ign pangwasaning geni;
geni iku dudu mawa geni kanggo manasake awak,
dudu geni kanggo api-api!
15 Iya iku paedahe tumrap sira para tukang japa-matra iku,
kang wus sira pindeng wiwit cilikira;
padha sempoyongan menyang ing sakehing keblat,
ora ana kang bisa ngluwari sira.

Pangeran Yehuwah nyipta kaanan kang anyar

48:1-11

48 1 Rungokna pangandika iki, he para turune Yakub,
kang ngarani awakira dhewe nganggo jeneng Israel
lan kang padha dadi turune Yehuda,
kang sumpah demi asmane Pengeran Yehuwah
tuwin ngandhemi Gusti Allahe Israel
-- nanging ora kalawan temenan lan tulusing ati --
2 malah kang padha nyebut awakira dhewe manut kutha suci
lan sumendhe marang Gusti Allahe Israel,
Pangeran Yehuwah Gustining sarwa tumitah asmane;
3 pangandikane Sang Yehuwah mangkene: “Lelakon-lelakon kang wus kapungkur

wus Sunwartakake wiwit ing jaman
kuna,
iku wus Sunngandikakake lan wus
Sunpratelakake.
Sawuse mangkono iku banjur dadakan
Suntindakake
uga sarta iku kabeh wus padha kelakon.
4 Awit saka iku Ingsun sumurup, manawa
sira iku wangkal,
wangkot lan nggugu karepira dhewe,
5 mulane Ingsun martakake bab iku wiwit ing
kuna mula;
sadurunge iku kelakon, wus
Sunpangandikakake marang sira,
supaya sira aja celathu: Brahalaku kang
nindakake iku,
recaku tatahan lan recaku cithakan kang
ndhawuhake iku.
6 Sira wus krungu bab iku kabeh lan saiki sira
ndelenga;
apa sira ora padha gelem ngakoni dhewe?
Ingsun paring pawarta bab prakara-prakara
kang anyar wiwit saiki,
tuwin bab-bab kang sumimpen kang
durung sira sumurupi.
7 Lagi saiki bab-bab iku anggone kaanakake
ora dhek biyen;
sadurunge sira ora krungu bab iku,
iku supaya sira aja celathu: Aku pancen
wus sumurup kok!
8 Sira ora krungu utawa sumurup,
uga kupingira ora kawengakake wiwit
biyen mula;

nanging Ingsun wus nguningani, manawa
sira tumindak kiyanat kang nistha
banget,
lan wong ngarani sira: wong kang mbalela
wiwit ana ing sajrone guwa-garba.
9 Marga saka asmaningSun Ingsun ngampet
dukaningSun
lan marga saka misuwuringSun,
Ingsun paring palimirma marang sira,
satemah sira ora Sunsirnakake.
10 Lah sira wus Sundadekake murni, nanging
ora kaya salaka,
nanging sira wus Sunuji ana ing pawoning
kasangsaran.
11 AnggoningSun bakal nindakake iku marga
saka Ingsun, iya marga saka Ingsun
piyambak,
amarga asmaningSun kok arep kanajisake!
Ingsun ora bakal maringake
kamulyaningSun marang liyane!”

Pangeran Yehuwah nebus Israel

48:12-22

12 “Rungokna Ingsun, he Yakub,
lan sira Israel kang Suntimbali!
Ingsun iki tetep ora owah-owah, Ingsun iki
kang kawitan,
lan uga Ingsun kang wekasan!
13 AstaningSun kang uga nalesi bumi,
tuwin astaningSun tengen kang njereng
langit.
Nalika Ingsun nyebut jenenge,

banjur padha muncul jumedhul kabeh.
14 Sira padha nglumpuka kabeh lan
ngrungokna!
Sapa panunggalane kang mratelakake iki
kabeh?
Wong kang kinasihan dening Pangeran
Yehuwah
bakal nindakake karsaning Yehuwah
tumrap Babil
lan ngatonake kakiyataning astane Sang
Yehuwah marang wong Kasdim.
15 Ingsun, iya Ingsun kang ngandika
mangkono tuwin kang nimbali uga,
Ingsun kang nekakake wong iku lan
sakehing tumindake bakal kasembadan.
16 Padha nyedhaka ing ngarsaningSun, iki
rungokna:
Wiwit biyen Ingsun ora tau ngandika
kalawan sidheman
lan sajrone bab iku kelakon, Ingsun ana
ing kono."
Tuwin saiki Gusti Allah
ngutus aku kalawan Rohe.
17 Mangkene pangandikane Sang Yehuwah,
Juru Panebusmu,
Kang Mahasuci, Gusti Allahe Israel:
"Iya Ingsun iki Yehuwah, Allahira,
kang mulang marang sira bab apa kang
maedahi,
kang nuntun sira ana ing dalan kang kudu
sira liwati.
18 Manawa sira nggatekake marang
dhawuh-dhawuhingSun,

tentrem rahayunira bakal kaya kali kang ora tau asat,
lan kabegjanira bakal terus luber kaya ombaking sagara kang ora tau leren.
19 Turunira bakal kaya wedhi
tuwin anak-putunira kehe kaya laslasane;
jenenge ora bakal kasirnakake
utawa kasingkirake saka ing ngarsaningSun.”
20 Padha metua saka ing Babil, padha lumayua saka ing Kasdim!
Bab iki wartakna lan kabarna kalawan swaraning surak-surak!
Iku giyarna nganti tekan ing poncoting bumi!
Pratelakna: “Pangerna Yehuwah wus nebus Yakub abdine!”
21 Wong iku padha ora kasatan,
nalika katuntun dening Panjenengane ngliwati ara-ara samun;
Panjenengane ngwedalake banyu saka ing gunung parang.
Gununge parang kebengkah banjur metu banyune.
22 “Para wong duraka padha ora kadunungan tentrem rahayu!”
mangkono pangandikane Pangeran Yehuwah.

ABDINING YEHUWAH

BAB 49-55

Abdining Yehuwah iku dadi pepadhang ana ing satengahing para bangsa

49:1-7

49 1 padha ngrungokna marang Ingsun, he pulo-pulo
padha nggatekna, he para bangsa kang adoh!
Ingsun wus katimbalan dening Pangeran Yehuwah wiwit isih ana ing bobotan
asmaningSun wus kapangandikakake wiwit isih ana ing guwa-garbaning ibuningSun.
2 TutukingSun kadamel kaya pedhang kang landhep
lan Ingsun kaayoman ana ing aubing astane.
Ingsun kadadekake panah kang lincip
lan kadhelikake ana ing endhonge.
3 Ingsun dipangandikani mangkene:
“Sira iku abdiningSun, Israel,
sarta ana ing sira anggoningSun bakal nglairake kamulyaningSun.”
4 Ewadene unjukingSun: “Anggen kawula kangelan punika tanpa damel,
tuwin tanpa wusana saha tanpa gina anggen kawula ngesokaken kakiyatan kawula;

nanging wewenang kawula punika wonten
ing Pangeran Yehuwah
sarta pituwas kawula punika wonten ing
Allah kawula.”
5 Lah saiki pangandikane Sang Yehuwah,
kang nganakake Ingsun kadadekake
abdine wiwit ana ing bobotan,
supaya mbalekake Yakub marang
Panjenengane,
tuwin nglumpukake Israel ana ing
ngarsane --
mulane Ingsun kaluhurake ana ing paningale
Pangeran Yehuwah,
tuwin Gusti AllahingSun dadi
kakiyataningSun --,
mangkene pangandikane:
6 “Nanging anggonira dadi AbdiningSun iku
keremehen
manawa mung Sunkarsakake nangekake
para talere Yakub
lan mbalekake para wong Israel kang isih
padha kareksa bae.
Sira Sundadekake pepadhang tumrap para
bangsa
supaya karahayon kang saka Ingsun
iku tekana ing pungkasaning bumi.”
7 Mangkene pangandikane Pangeran
Yehuwah,
Juru Panebuse Israel, Gusti Allahe Kang
Mahasuci,
marang kang diremehake dening wong,
marang kang dianggep njijiki dening para
bangsa,

marang abdining para kang nyekel
pangwasa:
“Para ratu bakal nyumurupi pandamelingSun,
lan banjur padha ngadeg ngunjukake
kurmat,
tuwin para panggedhe bakal padha sujud
nyembah,
marga saka Pangeran Yehuwah kang setya
marga saka Kang Mahasuci, Gusti Allahe
Israel,
kang wus milih sira.”

Sion kapulihake

49:8--50:3

8 Pangandikane Pangeran Yehuwah
mangkene:
“Ing nalika Ingsun karenan, Ingsun bakal
paring wangsulan marang sira,
lan ing dinane Ingsun paring karahayon,
Ingsun bakal mitulungi sira;
sira wus Sundhapuk lan Sundadekake
prajanjian
tumrap umat manungsa,
Sunkarsakake mbangun bumi maneh
lan mbage-mbage tanah pusaka kang wus
sepi mamring,
9 Sundhawuhake wewarta marang para wong
kang kinunjara: Padha metua!
marang para wong kang ana ing pepeteng:
Padha mrenea!
Ing sadalan-dalan padha kaya wedhus kang
ora tau kekurangan suket,

tuwin sanadyan ana ing sakehing tengger
kang gundhul iya padha kasadhiyanan
suket.
10 Mulane ora padha luwe utawa ngelak;
ora bakal padha katempuh ing angin panas
lan panasing srengenge kang sumelet,
amarga padha katuntun dening Sang Paring
Piwelas
padha kagiring menyang ing sumber-
sumber banyu.
11 Sakehing gunungingSun bakal
Sundadekake dalan
lan sakehing lurungingSun bakal Sunrata.
12 Lan ana wong kang padha teka saka ing
adoh,
saka ing lor lan saka ing kulon,
tuwin ana kang saka ing tanah Sinim."
13 Surak-suraka, he langit,
giyak-giyaka, he bumi,
lan padha bungah-bungaha kalawan
surak-surak, he gunung-gunung!
Amarga Pangeran Yehuwah nglipur umate
lan asih marang para wong kang dadi
kagungane kang padha katindhes.
14 Sion celathu: "Pangeran Yehuwah wus nilar
aku
tuwin Gustiku wus kesupen marang aku."
15 Apa wong wadon bisa lali marang bayine,
nganti ora tresna marang wohing
wetengane?
Sanadyan iku lali marang anake,
nanging Ingsun ora bakal kesupen marang
sira.

16 Lah sira wus Sungambar ana ing
epek-epeking astaningSun,
tembok-tembokira iku tansah ana ing
ngarsaningSun.
17 Para wong kang mbangun sira bakal
enggal padha teka,
dene kang padha mbubrah lan ngrusak
sira bakal padha lunga.
18 Sira ndengengeka lan ndelenga ing
sakubengira,
wong iku padha nglumpuk lan marani sira.
Demi Ingsun kang gesang, mangkono
pangandikane Pangeran Yehuwah,
lah iku bakal padha sira anggo dadi
rerenggan,
bakal sira ubedake,
kaya patrape penganten wadon.
19 Awit papan-papanira kang samun lan sepi
mamring
tuwing nagaranira kang kabubrah,
saiki wus keciyuten kanggo kang padha
ngenggoni kang samono kehe iku
sarta para wong kang arep nyirnakake sira
bakal padha ngedoh.
20 Malah anak-anakira kang sira kira ilang
bakal padha celathu marang sira:
“Panggonan iku keciyuten kanggo aku kabeh,
mulane sumingkira, supaya aku padha
bisa manggon ana ing kono!”
21 Ing kono sira bakal mosik ing sajroning
atinira:
“Sapa ta kang nglairake iku kabeh kanggo
aku?

Aku iki rak ora duwe anak lan gabug,
sarta banjur digawa menyang ing pambuwangan lan disingkirake?
Nanging anak-anak iki sapa kang nggedhekake?
Aku iki rak wus nyata katinggal ijen,
nanging anak-anak iki kabeh, saka ing ngendi pinangkane?"
22 Mangkene pangandikane Pangeran Allah:
"Lah Ingsun bakal ngayatake astaningSun minangka pratandha tmrap para bangsa
lan manjer gendera-genderaningSun kanggo para suku bangsa,
iku bakal padha nggendhong anak-anakira lanang
sarta anak-anakira wadon bakal padha dipanggul.
23 Para raja bakal padha dadi pamomongira
lan para garwane padha dadi embanira.
Iku bakal padha nyembah marang sira nganti sumungkem konjem ing bumi
sarta padha ndilati lebuning sikilira.
Ing kono sira bakal sumurup, manawa Ingsun iki Yehuwah,
tuwin manawa para wong kang padha nganti-anti marang Ingsun iku ora bakal padha kawirangan."
24 Apa wong bisa ngrebut jarahan saka ing tangane wong prawira
utawa wong tawanan apa bisa luwar
saka ing tanganing wong prakosa?
25 Lah mangkene pangandikane Pangeran Yehuwah:

“Tawananing wong prawira iya bisa karebut,
lan jarahaning wong prakosa bisa uwal,
sabab Ingsun piyambak kang bakal nglawan wong kang nglawan sira
lan Ingsun piyambak kang bakal ngluwari anak-anakira.
26 Ingsun bakal meksa para wong kang nindhes sira supaya padha mangan daginge dhewe,
tuwin wong iku bakal padha mendem nalika padha ngombe getihe dhewe,
kaya mendeme wong ngombe anggur anyar,
iku supaya umat manungsa kabeh padha sumurup,
manawa Ingsun, Yehuwah, iku Pamartanira,
sarta Juru Panebusira, Kang Mahakwasa, Allahe Yakub.”

50 1 Mangkene pangandikane Sang Yehuwah:
“Endi ta layange pegat ibunira
tandhane manawa wus Suntundhung?
Utawa panunggalane kang padha ngutangi Ingsun
sapa kang wus tau Sunedoli sira?
Lah marga saka kasalahanira dhewe sira wus padha kaedol
lan marga saka panerakira dhewe ibunira kausir.
2 Yagene nalika Ingsun rawuh kok ora ana wong,

lan nalika Ingsun nimbali kok ora ana kang sumaur?
Apa bokmanawa astaningSun cupet dene ora bisa ngluwari,
utawa apa Ingsun ora kagungan kakuwatan kanggo ngluwari?
Lah marga Ingsun duka, Ingsun ngesatake sagara,
kali-kali Sundadekke ara-ara samun;
iwake padha mambu bacin marga ora ana banyu
lan banjur padha mati kasatan.
3 Langit Sunsandhangi panganggon ireng
lan Sunkemuli bagor."

Abdining Yehuwah tansah mbangun miturut

50:4-11

4 Pangeran Allah wus mulang guneman marang Ingsun
kayadene murid,
supaya Ingsun bisa nyantosakake wong kang lemes lesu
kalawan tembung.
Saben esuk talinganingSun
kapredi ngrungokake kayadene murid.
5 Pangeran Allah wus ngwengakake talinganingSun
lan Ingsun ora mbangkang,
ora mengo memburi.

6 Ingsun masrahake gegeringSun marang
wong-wong kang padha nggebugi
Ingsun,
lan pipiningSun marang wong kang padha
mbubuti jenggotingSun
Ingsun ora nutupi wedaningSun
nalika Ingsun diwewirang lan diidoni.
7 Nanging Pangeran Allah banjur mitulungi
Ingsun;
mulane Ingsun ora kawirangan.
Mulane Ingsun ngiyatake panggalihingSun
kayadene santosaning gunung parang
awit Ingsun uninga, manawa ora bakal
kawirangan.
8 Panjenengane kang ngleresake Ingsun wus
celak.
Sapa kang wani padudon kalawan Ingsun?
Ayo padha maju bebarengan!
Sapa kang prakaran kalawan Ingsun?
Iku kareben marani Ingsun!
9 Pangeran Allah nyata-nyata mitulungi
Ingsun;
sapa kang wani ngarani Ingsun luput?
Lah iku kabeh bakal padha dadi elek kaya
sandhangan kang wus lungset;
bakal padha kapangan ing renget.
10 Sapa panunggalanira kang wedi asih
marang Pangeran Yehuwah
lan ngrungokake swaraning Abdine?
Manawa dumunung ing pepeteng
lan ora kasorotan ing cahya,
cikben pracaya marang asmane Sang
Yehuwah

tuwin sumendhe marang Gusti Allahe!
11 Lah sira kabeh kang padha ngurubake geni
lan kang padha masang panah murub,
padha lumebu ing urubing geninira,
lan ing satengahing panah-panah
murub kang wus padha sira pasang!
Bab iku bakal tumanduk marang sira
saka ing astaningSun;
sira bakal padha ngaleleh ana ing papan
pasiksan.

Pangandika kang dadi panglipur tumrap Sion

51:1-23

51 1 Padha ngrungokna Ingsun, he
sira kang padha nggayuh marang
kabeneran,
he sira kang padha ngupaya Pangeran
Yehuwah!
Padha mawasa gunung parang, pinangkanira
katatah,
lan luwangan parang pinangkanira
kadhudhuk.
2 Mawasa Abraham, bapa leluhurira,
lan Sara kang nglairake sira kabeh;
nalika Abraham ijen, Suntimbali,
banjur Sunberkahi lan Sundadekake akeh.
3 Amarga Pangeran Yehuwah nglipur Sion,
nglipur sakehing jugrugane;
pasamunane kadadekake kaya patamanan
Eden

lan ara-arane samun kadadekake kaya
patamananing Yehuwah.
Ing kono tinemu kabungahan lan sukarena,
kidung pamuji sokur lan swaraning
rerepen.
4 Padha nggatekna swaranigSun, ha para
bangsa,
lan kupingira englengna marang Ingsun,
he para suku bangsa!
Awit bakal ana piwulang kang metu saka
Ingsun
tuwin angger-anggeringSun bakal dadi
pepadhang tumrap para bangsa.
5 Ing sajroning sakedhep netra karahayon
kang saka Ingsun bakal cedhak,
pangluwaran peparingingSun bakal teka,
sarta Ingsun bakal ngereh para bangsa
kalawan astaningSun kang kwaos;
pulo-pulo bakal nganti-anti marang Ingsun,
padha ngarep-arep marang pakaryaning
astaningSun.
6 Mripatira arahna marang ing langit
lan mandenga marang bumi kang ana
ngisor;
amarga langit sirna kayadene kukus,
bumi dadi ala kaya sandhangan kang wus
lawas
tuwin kang manggon bakal padha mati
kaya lemud;
nanging pangluwaran peparingingSun bakal
lestari ing salawas-lawase,
sarta karahayon kang saka Ingsun ora
bakal ana pungkasane.

7 Padha ngrungokna Ingsun,
he sira kang padha sumurup marang ing kabeneran,
he bangsa kang nyimpen piwulangSun ana ing sajroning atinira!
Aja padha wedi manawa padha kawewada dening manungsa
lan aja padha kaget manawa kaala-ala.
8 Amarga iku bakal padha kapangan
ing renget kaya anggone mangan sandhangan
tuwin bakal padha kamangsa ing singgat kaya anggone mangsa lawon wulu wedhus gembel,
nanging karahayon kang saka Ingsun bakal lestari ing salawas-lawase
sarta pangluwaran peparingingSun bakal tetep turun-tumurun.
9 Kawula aturi wungu, kawula aturi wungu!
Kawula aturi ngagem kakiyatan,
dhuh astanipun Pangeran Yehuwah!
Mugi karsaa wungu kados ing jaman kina,
ing jamanipun para leluhur kala rumiyin!
Punapa sanes Paduka ingkang ngremuk Rahab,
ingkang nyuduk naga ngantos pejah?
10 Punapa sanes Paduka ingkang ngasataken seganten,
toyaning samodra ageng ingkang ngedab-edabi?
ingkang ndadosaken margi seganten ingkang lebet,

supados para tiyang ingkang kaluwaran
sami saged nyabrang?
11 Para tiyang ingkang sami kaluwaran
dening Sang Yehuwah sami badhe saged
mantuk
tuwin lumebet ing Sion kanthi asurak-
surak,
kalayan linimputan ing sukarena ingkang
langgeng;
kebak kabingahan lan kagirangan,
tinebihan ing kasisahan saha pangresah.
12 Ingsun, iya Ingsun kang nglipur sira
kabeh.
Sapa ta sira iku, dene kok wedi
marang manungsa kang pancen bakal mati,
marang anaking manungsa kang
kabuwang kaya suket,
13 nganti sira lali marang Pangeran Yehuwah
kang nitahake sira,
kang njereng langit lan nalesi bumi,
kok nganti sira sadina-dina tansah gumeter
wedi marang bangeting nepsune wong
kang nganiaya iku,
kang rumanti arep nyirnakake?
Endi ta mulad-mulading nepsune
wong kang nganiaya iku?
14 Wong kang kabelok lan kablenggu bakal
enggal kaluwaran;
ora bakal mati lan tumurun ing luwangan
pakuburna,
sarta ora bakal kekurangan pangan.
15 Sabab Ingsun iki Yehuwah, Allahira,
kang ngocakake sagara,

satemah gumleger rame swaraning alune. --
Pangeran Yehuwah Gustining sarwa tumitah iku asmane.
16 Ingsun maringake pangandikaningSun ana ing cangkemira
tuwin nyingidake sira ana ing aubing astaningSun,
supaya Ingsun mbeber langit maneh lan masang tetalesing bumi,
sarta ngandika marang Sion: Sira iku umatingSun!
17 Tangia, tangia,
ngadega, he Yerusalem,
he kowe kang wus ngombe saka ing astane Sang Yehuwah
isining tuwung mulad-mulading bebendhune,
kowe kang wus ngombe nganti entek
isining cangkir kang mendemi!
18 Sakehing anak kang dilairake
ora ana kang nuntun dheweke
lan sakehing anak-anake kang digedhekake
ora ana knag nganthi tangane.
19 Rong prakara iki wus tumempuh marang kowe --
sapa kang bela sungkawa marang kowe?
Karusakan lan kagempuran, keluwen lan pedhang --
sapa kang bakal nglipur kowe?
20 Anak-anakmu wus padha pating gluntung tanpa daya
ana ing sakehing pepojoking dalan kaya sapi alasan kang klebu ing jaring;

padha katempuh ing panasing bebendune
Pangeran Yehuwah
lan dedukaning Allahmu.
21 Awit saka iku rungokna iki, he kowe kang
katindhes,
he kowe kang mendem, nanging ora
marga saka anggur!
22 Mangkene pangandikane Gustimu,
Pangeran Yehuwah, Gusti Allahmu
kang ngembani prakarane umate:
“Lah Ingsun mundhut saka ing tanganira
tuwung dalah isine kang mendemi,
lan isining cangkir panasing bebenduningSun
ora bakal sira ombe maneh,
23 nanging iku bakal Sunparingake marang
wong kang nindhes sira,
wong kang maune celathu marang sira:
Tumungkula, supaya aku padha bisa liwat
kalawan
ngidak-idak awakmu!
Sira banjur mengkureb warata karo lemah
lan dadi dalan tumrap wong kang liwat ing
dhuwure.”

Pangeran Yehuwah ngluwari Sion

52:1-12

52 1 Tangia, tangia!
Anggonen kakuwatanmu kayadene
sandhangan, he Sion!
Anggonen sandhanganmu kang endah,
he Yerusalem, kutha kang suci!

Amarga ora ana wong kang ora tetak
utawakang najis,
kang bakal lumebu maneh ing jeromu.
2 Ketabna lebuning sikilmu, tangia,
he Yerusalem kang katawan!
Uculana tali-tali kang ana ing gulumu,
he putri Sion kang katawan!
3 Amarga mangkene pangandikane Pangeran
Yehuwah: Sira padha kaedol tanpa bayaran,
mulane bakal katebus tanpa bayaran uga.
4 Awit mangkene pangandikane Pangeran
Allah: Biyen umatingSun mangkat menyang
ing tanah Mesir lan dadi wong neneka
manggon ana ing kono, wasana banjur
dianiaya dening Asyur tanpa sabab. 5 Nanging
saiki apa maneh urusaningSun ana ing kene?,
mangkono pangandikane Pangeran Yehuwah.
UmatingSun nuli katawan mangkono bae.
Para kang ngwasani padha gedhe atine,
mangkono pangandikane Sang Yehuwah,
tuwin asmaningSun sadina-dina tansah
diala-ala. 6 Awit saka iku umatingSun bakal
wanuh marang asmaningSun sarta ing nalika
iku tumuli bakal padha ngreti, manawa Ingsun
iki Panjenengane kang ngandika, iya Ingsun!
7 Iba anggone ngresepake katone
saka ing pucake tengger-tengger
tekane kang nggawa pawarta,
kang martakake kabar katentreman
kang ngundhangake pawarta kang becik,
kang nggawa kabar karahayon
lan kang celathu marang Sion:
“Allahmu iku ratu!”

8 Rungokna swarane wong kang padha
ngawat-awati kowe:
padha surak-surak bebarengan.
Amarga padha nyumurupi dhewe
manawa Sang Yehuwah kondur menyang
ing Sion.
9 Padha giyak-giyaka, padha surak-surak
bebarengan,
he gapuraning Yerusalem!
Awit Pangeran Yehuwah wus nglipur umate,
wus nebus Yerusalem.
10 Pangeran Yehuwah wus ngatingalake
astane kang suci
ana ing ngarepe mripate sakehing bangsa;
poncot-poncoting bumi kabeh banjur
sumurup karahayon
kang pinangkane saka ing Allah kita.
11 Ngedoha, ngedoha!
Metua saka ing kono!
Kowe aja nganti kagepok kang najis!
Padha metua saka ing satengahe, padha
sesucia,
he para wong kang padha ngusungi
prabote Padalemaning Yehuwah!
12 Lah angognmu padha metu bakal ora
kalawan kesusu
tuwin ora bakal kaya keplayu,
amarga Pangeran Yehuwah bakal lumampah
ana ing ngarepmu,
sarta Gusti Allahe Israel bakal dadi
panutuping barisanmu.

Abdining Yehuwah kang nandhang sangsara

52:13--53:12

13 Lah AbdiningSun bakal oleh gawe,
bakal kaluhurake, kaalembana lan
kamulyakake.
14 Kayadene anggone wong akeh bakal padha
dheleg-dheleg
nyumurupi Panjenengane --
amarga saka bangeting rusake pasemone,
nganti ora kaya manungsa maneh,
lan katon ora kaya anaking manungsa
maneh,--
15 mangkono anggone Panjenengane damel
gumuning bangsa akeh,
para raja bakal padha sidhem mirsani
Panjenengane;
amarga apa kang durung kawartakake, bakal
kasumurupan,
tuwin apa kang durung kapireng, bakal
dimangertosi.
53 1 Sapa kang ngandel marang pawarta
kang padha dakrungu,
lan sapa kang kawedharan astaning
Yehuwah kang kwaos iku?
2 Panjenengane iku thukul kaya trubusan ana
ing ngarsaning Yehuwah,
tuwin kaya semen saka ing lembah garing.
Ora bagus ing warna lan ora kagungan
kaendahan
kang njalari kita banjur padha nyawang,

sarta ora kagungan rupi, kang menginake
kita.
3 Panjenengane dianggep asor lan disingkiri
ing wong,
sawijining priya kang sugenge kebak
kasangsaran
sarta kulina nandhang gerah;
banget anggone karemehake,
nganti wong padha nutupi raine ana ing
ngarsane
tuwin sanadyan tumrap kita Panjenengane
iku iya ora klebu etungan.
4 Mangka sanyatane lelara kita kang disanggi
lan kasangsaran kita kang dirembat,
ewasamono kita padha ngira Panjenengae
iku kena ing ipat-ipat,
kagebag tuwin katindhes dening Gusti
Allah.
5 Mangka Panjenengane iku sinudukan marga
saka anggon kita padha mbalela,
Panjenengane karemuk marga saka piala
kita;
ganjaran paukuman kang nekakake
karahayon tumrap kita iku kadhawahake
ing Panjenengane,
sarta marga saka bilur-bilure kita banjur
padha dadi waras.
6 Kita padha nglambrang kayya wedhus,
dhewe-dhewe kang kita ener,
ewadene Pangeran Yehuwah nempahake
sakehing duraka kita marang
Panjenengane.
7 Panjenengane kinaniaya,

nanging kendel bae sajrone katindhes iku
lan ora mbikak tutuke
kaya cempe kang katuntun menyang ing pasembelehan;
kaya wedhus kang ora nywara ana ing ngarepe
para wong kang padha ngguntingi wulune,
kaya mangkono anggone ora mbikak tutuke.
8 Sawuse katahan lan kaukum Panjenengane nuli kaluwaran,
lan sapa kang mikir marang nasibe?
Panjenengane sanyata wus kapethal
saka ing nagarane para wong urip,
tuwin marga saka pambalelaning umatingSun
Panjenengane kena ing ipat-ipat.
9 Pasareane kapapanake ing satengahe para wong duraka,
lan anggone seda ana ing satengahe para durjana,
sanadyan Panjenengane ora nindakake kekerasan
tuwin tutuke ora kadunungan cidra.
10 Nanging Pangeran Yehuwah karsa ngremuk tuwin damel gerahe Panjenengane.
Samangsa Panjenengane wus masrahake sarirane minangka kurban panebusing dosa,
bakal mirsani tedhak turune,
yuswane bakal panjang,
sarta karsaning Yehuwah bakal tumindak sarana astane.

11 Sawuse nyawane nandhang sungkawa
Panjenengane bakal mirsani pepadhang
nganti tuwuk;
tuwin AbdiningSun iku, sarehne wong bener,
bakal ngleresake wong akeh kalawan
kawicaksanane,
lan ngrembat pialane wong-wong mau.
12 Awit saka iku bakal Sunparingi panduman
wong-wong kang luhur minangka
bandhangan,
tuwin bakal tampa wong-wong kang
santosa minangka jarahan,
yaiku pikolehe anggone wus masrahake
nyawane marang pati
lan marga saka anggone kagolongake
wong mbalela,
sanadyan Panjenengane nanggel dosane
wong akeh
lan ndongakake para wong kang mbalela.

Prajanjian karukunan kalawan Sion

54:1-17

54 1 Surak-suraka, he wong gabug kang
ora tau nglairake jabang bayi!
Bungaha kalawan sumyak-sumyak lan
giyak-giyaka,
he sira kang ora tau nglarani!
Amarga kang ditinggal dening sing lanang
iku bakal duwe anak kehe ngungkuli
anake wong kang padha bebojoan,
mangkono pangandikane Sang Yehuwah.
2 Ambakna papanig tarubira,

jerengen tendhaning papan
padununganira,
sira aja ngeman papan;
tali-talining tarubira dawanana
sarta pathok-pathokira kapasanga kang
kukuh!
3 Amarga sira bakal tangkar-tumangkar
ngiwa nengen,
turunira bakal padha ndarbeni papaning
para bangsa,
tuwin bakal padha ngenggoni kutha-kutha
kang sepi.
4 Sira aja wedi, awit ora bakal kawirangan,
lan aja rumangsa isin,
sabab sira ora bakal nandhang wirang.
Amarga sira bakal lali marang kawiranganing
nom-nomanira,
tuwin ora bakal eling maneh marang
nisthane anggonira dadi randha.
5 Amarga kang dadi somahira iku
Panjenengane kang nitahake sira,
kang asma pangeran Yehuwah Gustine
sarwa tumitah;
kang jumeneng Panebusira yaiku Kang
Mahasuci, Gusti Allahe Israel,
kang sinebut Gusti Allahe salumahing
bumi.
6 Awit kayadene wong wadon kang ditinggal
lan kang susah atine
anggonira katimbalan maneh dening Sang
Yehuwah;
garwa jaka-lara rak ora bakal tetep
katampik?

Mangkono pangandikane Gusti Allahira.
7 Mung sadhela anggoningSun nilar sira,
nanging marga saka sih-piwelasingSun
kang linuwih sira Sunpundhut maneh.
8 Ing sajroning dukaningSun kang banget
Ingsun wus ngaling-alingi wedananingSun
marang sira sadhela,
nanging marga saka sih-susetyaningSun
kang langgeng
Ingsun wus ngatingalake sih-piwelasingSun marang sira,
mangkono pangandikane Pangeran
Yehuwah, Juru Panebusira.
9 Kaanan iku tumrap Ingsun kaya ing jamane
Nuh:
kayadene anggoningSun wus supaos
marang dheweke
manawa banyu ora bakal nutupi bumi
maneh,
mangkono uga Ingsun iya wus supaos
manawa Ingsun ora bakal duka maneh
marang sira
lan ora bakal mbendoni sira maneh.
10 Sabab sanadyan gunung-gunung padha
ngalih
lan tengger-tengger padha gonjing,
nanging sih-susetyaningSun ora bakal ngalih
saka ing sira
tuwin prajanjian-karukunan
peparingingSun ora bakal owah
gingsir,

mangkono pangandikane Pangeran
Yehuwah, kang paring sih-palimirma
marang sira.
11 He wong kang katindhes, kang katempuh
ing prahara, kang ora oleh panglipur!
Lah Ingsun bakal masang tetalesira
kalawan watu item
tuwin dhasar-dhasarira kalawan sesotya
manila.
12 AnggoningSun yasa ndhuwuring
tembok-tembokira kalawan sesotya
dlima,
gapura-gapuranira kalawan sesotya
manikem abang
sarta kabeh tembok-tembok wates
kalawan watu adi.
13 Anakira kabeh bakal padha dadi siswaning
Yehuwah,
tuwin bakal kadunungan karahayon gedhe;
14 sira bakal kajejegake ing kabeneran.
Sira bakal ingedohake saka ing panganiaya,
mulane sira ora susah wedi maneh,
tuwin sira bakal adoh saka ing pagiris,
sabab iku ora bakal nekani sira.
15 Manawa ana wong kang nempuh sira,
iku ora saka Ingsun;
sapa bae kang nempuh sira,
iku bakal ambruk marga nglawan sira.
16 Lah Ingsun kang nitahake pandhe kang
ngububi geni
tuwin ngrampungkae gegaman manut
kabisane,

nanging uga Ingsun kang nitahake juru
panumpes
kang Sunagem numpes.
17 Saben gegaman kang digembleng
arep kanggo nglawan sira ora bakal bisa
tumama,
sarta saben wong kang nandukake pandakwa
marang sira
ana ing pangadilan bakal sira buktekake
manawa salah.
Iya iki kang bakal dadi pandumane
para abdine Pangeran Yehuwah
tuwin kabeneran peparingingSun,
mangkono pangandikane Sang Yehuwah.

Timbalan supaya padha melu nampani karahayon peparinge Pangeran Yehuwah

55:1-13

55 1 He sakehe wong kang ngelak,
padha mrenea lan ngombea banyu,
apadene sira kang ora duwe dhuwit, mrenea!
Nampanana gandum tanpa bayar lan
mangana,
uga anggur lan susu tanpa bayar!
2 Yagene sira padha ngetokake dhuwit ora
kanggo tuku roti,
lan pituwasing rekasanira ora kanggo tuku
barang kang maregi?
Padha ngrungokna marang Ingsun,
temah sira bakal padha mangan pangan
kang becik
sarta sira bakal padha ngrasakake nikmating

cecawisan kang enak dhewe
3 Padha nilingna kupingira
lan sowana ing ngarsaningSun;
padha ngrungokna,
temah sira bakal padha urip!
Ingsun arsa nganakake prajanjian kang langgeng
kalawan sira kabeh,
manut sih-susetya kang santosa kang Sunjanjekakake
marang Dawud
4 Lah dheweke wus Suntetepake dadi seksi tumrap para bangsa,
dadi ratu lan nyekel paprentahan
tumrap para suku bangsa;
5 lah sira bakal ngundang bangsa kang sira durung wanuh,
lan bangsa kang durung wanuh kalawan sira bakal mlayu marani sira,
marga saka Pangeran Yehuwah, Gusti Allahira,
sarta marga saka Kang Mahasuci,
Gusti Allahe Israel, kang paring kamulyan marang sira.
6 Padha ngupayaa Pangeran Yehuwah pupung isih karsa disowani;
padha sesambata marng Panjenengane pupung isih ana ing celakan!
7 Wong duraka kareben ninggal dalane,
lan wong ala cikben ninggal pangrantame;
kareben mratobat marang Sang Yehuwah,
mesthi bakal kaparingan sih-palimirma,
sarta marang Gusti Allah kita,

sabab Panjenengane bakal ngluberake pangaksamane
8 Awit rancanganingSun iku dudu rancanganira,
lan dalanira iku dudu marginingSun,
mangkono pangandikane Pangeran Yehuwah.
9 Amarga sapira dhuwure langit saka ing bumi,
iya samono dhuwure marginingSun
saka ing dalanira
sarta rancanganingSun saka ing rancanganira.
10 Sabab kayadene udan lan salju anggone tumurun sakal ing langit
lan ora bali mrono, nanging banjur mbanyoni bumi,
gawe subure lan njalari thukule tetuwuhan,
aweh wiji marang kang nyebar
lan roti marang wong kang gelem mangan,
11 iya mangkono pangandikaningSun kang miyos saka ing tutukingSun:
ora bakal bali marang Ingsun kanthi nglaha,
nanging iku bakal nindakake apa kang Sunkarsakake,
sarta bakal oleh gawe tumrap apa bae kang Sundhawuhake.
12 Lah sira bakal padha mangkat kalawan bungah
lan bakal kaeterake kalawan tentrem;
gunung-gunung lan tengger-tengger bakal padha gambira

lan surak-surak ana ing ngarepira,
lan sakehing wit-witan ing ara-ara bakal
keplok-keplok.
13 Minangka gantine grumbul eri bakal thukul
wit beros,
tuwin minangka gantine kecubung bakal
thukul wit jambu keling;
iku bakal kelakon minangka srana kang
njalari misuwuring Yehuwah,
minangka tandha langgeng kang ora bakal
sirna.

TUMURUNING KARAHAYON LAN SARAT-SARATE

BAB 56-66

Karahayon iku kanggo wong kabeh

56:1-8

56 1 Mangkene pangandikane Pangeran
Yehuwah:
Sira padha netepana angger-angger lan
njejegna kaadilan,
awit sadhela engkas karahayon
kang saka Ingsun wus bakal teka,
sarta kaadilaningSun bakal kalairake.
2 Rahayu wong kang nglakoni,
lan anaking manungsa kang nggondheli
iku,
kang netepi dina Sabat lan ora dinajisake,
sarta kang mekak awake aja nganti
nindakake sadhengaha piala.

3 Aja nganti wong bangsa liyan kang rumaket
marang Pangeran Yehuwah iku celathu:
“Pangeran Yehuwah mesthi bakal misah
aku saka umate,”
sarta aja nganti wong kebiren muni:
“Aku iki satemene wit kang garing.”
4 Amarga mangkene pangandikane Sang
Yehuwah:
“Para wong kebiren kang padha netepi
dina-dina SabatingSun
lan kang padha milih apa kang
Sunkarsakake
sarta kang gondhelan marang
prajanjianingSun,
5 iku ana ing padalemaningSun
lan ana ing wewengkoning tembok-
tembokingSun
bakal Sunparingkae tandha pengetan lan
jeneng
-- iku luwih becik katimbang karo anak
lanang utawa wadon, --
sawijining jeneng kang langgeng kang ora
bakal sirna
bakal Sunparingake marang wong-wong
iku.
6 Anadene para wong bangsa liyan kang
rumaket marang Pangeran Yehuwah
prelu ngladosi Panjenengane,
lan nresnani asmaning Sang Yehuwah
sarta sumedya ngabdi marang
Panjenengane,
kabeh kang netepi dina Sabat lan ora
najisake,

tuwin kang gondhelan marang
prajanjianingSun,
7 iku bakal Sunbekta menyang ing
gunungingSun kang suci
lan bakal Sunparingi kabungahan ana ing
dalem-pamujaningSun.
Ingsun bakal karenan marang kurban-
kurbane obaran lan sembelehan
kang kacaosake ana ing misbyahingSun,
awit padalemaningSun bakal sinebut
dalem-pamujan tumrap sakabehe bangsa.
8 Mangkene pangandikane Pangeran Allah
kang nglempakake para wong Israel kang
kabuwang:
Ingsun bakal nglempakake wong maneh
Sunwewahake marang para wong kang wus
padha tetunggalan."

Para pemimpin kang duraka

56:9--57:5

9 He sakehe kewan ing ara-ara,
he sakehe kewan ing alas,
padha mrenea lan padha mangana!
10 Awit para kang ngawat-awati umatingSun
iku wong wuta,
kabeh padha ora ngreti apa-apa;
kabeh iku asu bisu,
kang ora bisa njegug;
padha keklemprakan kalawan ngalamun
sarta mung padha seneng turu bae;
11 asu-asu kang srakah,
kang ora tau krasa wareg.

Mangka iya wong-wong iku kang padha dadi
pangon,
kang padha ora bisa neniteni!
Padha lumaku ing dalane dhewe-dhewe
kabeh,
siji-sijine padha mburu kauntungan,
ora ana kang ora mangkono.
12 “Mrenea,” mangkono celathune,
“aku arep njupuk anggur,
ayo padha ngombe arak kang akeh;
sesuk bakal padha karo dina iki,
malah luwih dening ngedab-edabi!”

57 1 Wong bener tiwas,
lan ora ana wong siji-sijia kang maelu;
wong mursid padha kajabut nyawane,
tuwin ora ana wong siji-sijia kang mreduli;
sanyata, marga saka sumrambahe piala,
nyawane wong mursid kajabut,
2 nanging banjur lumebu ing papaning
katentreman;
wong kang urip kalawan ati kang lurus
bakal oleh palereman ana ing paturone.
3 Nanging sira kabeh iku padha nyedhaka
mrene,
he para anake wong wadon juru tenung,
he turune wong kang laku jina
lan wong wadon tunasusila!
4 Sira padha nganggo gegojegan sapa,
sapa kang padha sira celathoni kalawan
tetembungan kang ora-ora
lan kang sira erang-erang iku?
Apa sira kabeh iku dudu anaking wong
mbalela,

turuning wong cidra?,
5 he para wong kang padha kaobong dening hawa-nepsune ana ing sacedhake wit-wit kang kramat,
ana ing sangisoring saben wit kang nggrembel,
he para wong kang nyembeleh bocah ana ing lebak-lebak,
ing sela-selaning tengger parang.

Nyembah brahala ateges laku jina

57:6-13

6 Sira mung kadunungan watu-watu kang klimis kang saka ing kali,
lan iya mung iku kang katemtokake tumrap sira;
iku uga padha sira wenehi kurban unjuk-unjukan,
lan sira ladeni kurban dhaharan.
Apa Ingsun bakal nyabari kang mangkono iku?
7 Sira mrenahake paturonira
ana ing gunung kang dhuwur lan munggul
tuwin sira uga banjur munggah ing gunung kono
prelu ngladekake kurban sembelehan.
8 Sira ndekek lambanging brahalanira
ana ing dhempeling lawang lumebu ing omahira,
malah sira wus ninggal Ingsun
lan cucul sandhangan babar pisan,

sira wus ngunggahi tuwin ngambakake
paturonira;
sira wus nganakake prajanjian karo wong
sawatara kang sira karepake
sira ajak sapaturon
sarta sira ngawasake palanangane.
9 Sira marani Molokh kalawan nggawa lenga
tuwin wewangen akeh;
para kongkonanira padha sira lakokake
nganti adoh,
nganti tekan ing ngisoring jagading wong
mati.
10 Marga saka anggonira lumaku adoh iku
sira banjur wus kesel lan lesu,
nanging sira ora muni: “Ora ana
pangarep-arep!”
Sira oleh kakuwatan maneh,
mulane sira ora dadi sayah.
11 Sapa ta kang marakake sira giris lan wedi,
dene sira nganti cidra
lan ora eling marang Ingsun
utawa banjur ora mreduli marang Ingsun?
Apa ora marga saka anggoningSun kendel
bae
lan ngeremake paningalingSun,
sira nuli ora wedi marang Ingsun!
12 Ingsun arsa mratelakake kamursidanira
lan sakehing panggawenira,
nanging iku kabeh tumrap sira ora ana
gunane:
13 samangsa sira sesambat,
para brahalanira kareben ngluwari sira!
Iku bakal padha kabur ing angin,

sarta padha kasirnakake dening
sumentoring abab.
Nanging wong kang ngayom marang Ingsun
bakal tampa warisan bumi
lan bakal ndarbeni gunungingSun kang
suci.

Tembung-tembung panglipur

57:14-21

14 Ana kang ngandika:
“Bukaken, bukaken, nyawisna dalan,
singkirna watu sandhungan kang ana ing
dalaning umatingSun!”
15 Awit mangkene pangandikane Kang
Mahaluhur lan Kang Mahamulya,
kang lenggah ing dhampar ing salawase
lan kang asma Kang Mahasuci:
“Ingsun lenggah ing papan kang dhuwur lan
suci
nanging uga nunggil karo wong kang
rempu lan andhap-asor,
prelu nyantosakake atine para wong kang
andhap-asor
sarta nguripake atine para wong kang
rempu.
16 Amarga Ingsun ora bakal padudon ing
salawase,
lan ora bakal terus duka,
supaya semangate wong aja nganti lemes
lesu ana ing ngarsaningSun,
mangka iya Ingsun kang nitahake napasing
urip.

17 Ingsun duka marga saka durakaning
srakahe,
banjur Sunrangket, Ingsun nyingidake
pasuryaningSun lan duka,
nanging dheweke banjur murtad,
lumaku ing dalan kang dadi pilihaning
atine.
18 Ingsun wus nguningani sakehe dalane iku,
ewasamono bakal Sunmarekake lan bakal
Suntuntun
tuwin bakal Sunpulih-pulihake atine kalawan
panglipur;
uga ana ing lambene wong-wonge kang
padha prihatin
19 Ingsun bakal karya pepujian.
Tentrem, tentrem rahayu marang
wong kang adoh lan kang cedhak
-- mangkono pangandikane Pangeran
Yehuwah --
sarta kang bakal Sunwarasake!
20 Nanging para wong duraka iku kaya sagara
kang ngombak-ombak
amarga ora bisa lestari tentrem,
sarta iline ngumbulake rereged lan endhut.
21 Wong duraka iku ora kadunungan
katentreman,"
mangkono pangandikane Gusti Allahku.

Kamursidan kang sanyata lan kang ora

58:1-12

58 1 Nguwuh-uwuha kang sora, aja
ngampet swara!

Ngulukna swaranira kayadene kalasangka,
wartakna marang umatingSun panerake
lan marang para turune Yakub dosane!
2 Pancen saben dina padha ngupaya Ingsun
lan seneng sumurup sakehing
marginingSun.
Kayadene bangsa kang nglakoni kang bener
tuwin kang ora ninggal angger-anggering
Allahe
padha munjuk pitakon marang Ingsun bab
angger-angger kang bener,
padha seneng nyedhak sowan ing
ngarsaning Allah,
sarta munjuk pitakon:
3 "Punapa sababipun dene kawula sami siyam
Paduka kok ugi boten nggatosaken?
Punapa sababipun dene kawula sami
ngesoraken badan
Paduka kok boten karsa nguningani?"
Ing nalikane sira pasa nyatane sira isih tetep
ngurus urusanira,
tuwin sira padha ngerasi sakehing
buruhira.
4 Sanyatane anggonira padha pasa iku
kalawan padu lan regejegan
sarta kalawan ngantemi tanpa reringa.
Manawa anggonira pasa kaya saiki iki
swaranira bakal ora kapirengake saka ing
ngaluhur.
5 Lah apa pasa kang kaya mangkene iki kang
Sunkarsakake,
tuwin nganakake dina kanggo ngesorake
badan,

manawa sira ndhingkluk kaya glagah
lan njereng bagor sarta awu sira anggo
lemek turu?
Apa iku kang sira arani pasa,
nganakake dina kang dadi keparenge
Pangeran Yehuwah?
6 Dudu! Pasa kang Sunkarsakake iku,
yaiku manawa sira nguculi blengguning
ambek siya,
lan ngudhari tali-talining pasangan,
manawa sira ngluwari wong kang kinaniaya
tuwin mutungi sakehing pasangan,
7 manawa sira nyuwil-nyuwil rotinira kanggo
wong keluwen
sarta ngajak menyang ing omahira wong
kang tuna wisma,
lan manawa sira sumurup wong kang
kawudan, banjur sira wenehi
panganggon
tuwin ora nyingkiri sadulurira dhewe!
8 Manawa mangkono pepadhangira bakal
mlethek kaya bangbang wetan
tuwin tatunira bakal enggal waras;
kabeneran bakal dadi baris ana ing ngarepira
lan kamulyaning Yehuwah dadi baris ana
ing burinira.
9 Ing kono manawa sira munjuk,
Pangeran Yehuwah bakal paring wangsulan
samangsa sira sesambat nyuwun tulung,
Panjenengane bakal ngandika:
Lah iki Ingsun ana ing kene!
Manawa sira ora ngetrapake pasangan
maneh marang pepadhanira

sarta ora nuding-nuding marang wong
kalawan driji lan mitenah,
10 manawa sira menehi wong keluwen apa
kang sira dhewe arep
lan gawe lejaring atine wong kang
katindhes,
pepadhangira bakal sumorot ana ing
pepeteng
sarta pepetengira bakal kaya wayah
tengange.
11 Pangeran Yehuwah bakal tansah nuntun
sira
lan bakal damel mareming atinira
ana ing tanah kang garing
sarta bakal nganyarake kakuwatanira;
sira bakal kaya patamanan kang kasiraman
kalawan becik
tuwin kaya sumber
kang ora tau gawe gela.
12 Sira bakal mbangun gempuran kang wus
atusan taun,
lan bakal ndandani tetales kang wus
kapasang pirang-pirang turunan.
Sira bakal kasebut “kang ndandani tembok
kang jebol”,
“kang ndandani dalan supaya panggonan
kono kena dienggoni”.

Ngajeni dina Sabat

58:13-14

13 Manawa sira ora nyawiyah pranataning
Sabat

lan ora nindakake pagaweanira ing
dinaningSun kang suci;
manawa sira ngarani dina Sabat “dina
kanikmatan”,
lan dinaning Pangeran Yehuwah
kang suci “dina kang mulya”;
manawa sira ngajeni dina iku sarana ora
nindakake sakehing pagaweanira
sarta ora ngurus urusanira utawa ora
omong-omong kang tanpa guna,
14 sira bakal seneng-seneng marga saka
Pangeran Yehuwah,
tuwin Ingsun bakal damel sira bisa ngliwati
pucak-pucaking tengger-tengger ing
bumi
kalawan tetunggaganing kaunggulan;
sira bakal Sunparingi pangan saka warisane
leluhurira Yakub,
sabab mangkono pangandikane lesaning
Yehuwah.

Dosa iku ngrerendheti karahayon

59:1-21

59 1 Astaning Yehuwah iku sanyata ora
cupet kagem paring karahayon,
lan pamirenge ora kurang landhep kagem
miyarsakake;
2 nanging kang dadi sesinggetan ing antarane
kowe lan Gusti Allahmu
iku sakehing pialamu,
tuwin kang njalari Panjenengane asingidan
ana ing ngarepmu,

satemah banjur ora mireng,
iku sakehing dosamu.
3 Sabab tanganmu iku najis marga kuthah getih
sarta drijimu marga saka piala;
cangkemmu ngucapake cidra,
ilatmu ngandhakake kaculikan.
4 Ora ana kang nggugat kanthi alasan kang bener,
lan ora ana kang ngadili kanthi alasan kang kuwat;
kang diandelake barang kang tanpa guna
lan goroh kang diucapake,
kang dikandhut kasangsaran
dene kang dilairake tindak ambek siya.
5 Wong padha netesake endhog ula bedhudhak,
tuwin nenun jaring kemangga;
sing sapa mangan endhog mau mesthi bakal mati,
sarta manawa endhog mau dipijet nganti pecah,
banjur metu ulane bedhudhak.
6 Jaring kang ditenun mau ora kena dianggo sandhangan,
lan gegaweane ora kena dianggo kemul;
panggawene iku panggawe kang ambek siya,
sarta kang ditindakake dening tangane iku mung awujud kekerasan.
7 Enggal-enggal anggone nglakoni piala,
lan enggal-enggal arep ngilekake getihe wong kang ora luput;
rancangane iku pangrantaming ambek siya,

tuwin menyang ngendi bae parane
mesthi ninggal karusakan lan gempuran.
8 Padha ora sumurup marang dalaning karukunan,
tuwin ing sajroning tindak-tanduke ora ana kaadilan;
padha milih dalan-dalan kang menggok,
lan saben wong kang lumaku ing kono ora wanuh marang katentreman.
9 Marga saka iku kaadilan tetep adoh saka kita
tuwin kabeneran ora nekani kita,
kita padha ngarep-arep pepadhang,
nanging kang ana mung pepeteng,
padha ngarep-arep cahya,
nanging kita padha lumaku ana ing pepeteng.
10 Kita padha gagap-gagap ing tembok kaya wong wuta,
tuwin grayah-grayah kaya-kaya ora duwe mripat;
kita padha kesandhung ing wayah tengange,
kaya-kaya ing wayah repet-repet
padha lungguh ing papan peteng kaya wong mati.
11 Kita kabeh padha gereng-gereng kaya bruwang,
swara kita lereg-lereg kaya manuk dara;
kita ngarep-arep marang kaadilan,
nanging ora ana,
nganti-anti marang kaslametan,
nanging iku tetep adoh saka kita.

12 Dosa kawula sadaya punika saestu kathah
wonten ing ngarsa Paduka
tuwin dosa kawula punika dados seksi
ingkang nglawan dhateng kawula;
kawula sadaya saestu sami ngrumaosi
anggen kawula sami mbalela
saha sami nyumerepi ing piawon kawula;
13 kawula sadaya sampun mbalela tuwin
nyelaki dhumateng Pangeran Yehuwah,
sarta mundur nilar Gusti Allah kawula,
kawula sami ngrancang badhe memeres lan
nyleweng,
sami ngandhut cidra ing salebeting manah
saha nglairaken cidra wau kalayan
tetembungan.
14 Angger-angger sampun kesuk kawula
pengkeraken
tuwin kaadilan tebih dunungipun,
sabab kaleresan kesandhung wonten ing
papan umum
saha katemenan katampik ing tiyang.
15 Mulane kabeneran wus ilang,
lan sing sapa ngedohi piala,
dadi kurbaning wong ngrerayah.
Nanging Pangeran Yehuwah nguningani kang
mangkono iku,
lan ndadekake rengune ana ing paningale
dene ora ana angger-angger
16 Panjenengane mirsa
manawa ora ana wong siji-sijia
kang jumedhul, tuwin ngungun,
dene ora ana kang mbiyantu.
Mulane astane piyambak kang mitulungi,

sarta kaadilane kang mbiyantu
Panjenengane.
17 Banjur ngagem kaadilan kadadekake kere
lan toponging karahayon ana ing
mustakane;
ngagem busana piwales
sarta jubahing panggalih benter.
18 Laras karo panggawe-panggawening
wong,
mangkene anggone paring piwales:
bebendu kang mulad-mulad marang para
kang nglawan,
pidana marang para mengsahe;
malah dalasan pulo-pulo kang adoh uga
kadhawahan pidana.
19 Ing kono wong banjur bakal wedi
marang asmaning Pangeran Yehuwah
ana ing papan suruping srengenge
tuwin marang kamulyane ana ing papan
pletheking srengenge,
awit Panjenengane bakal rawuh kaya ilining
banyu saka papan kang ciyut,
kang kasurung dening napasing Sang
Yehuwah.
20 Sarta bakal rawuh jumeneng dadi
Panebusing Sion
tuwin kanggo para wonge Yakub kang
padha mratobat nyingkiri pambalelane,
mangkono pangandikane Pangeran
Yehuwah.
21 Anadene Ingsun, iki prajanjianingSun
marang wong-wong mau, pangandikane
Sang Yehuwah: RohingSun kang dumunung

ana ing sira lan pangandikaningSun kang Sunparingake ana ing cangkemira ora bakal sumingkir saka ing cangkemira saka ing cangkeme turunira sarta saka ing cangkeme turune turunira, wiwit ing samengko nganti ing salawas-lawase, mangkono pangandikane Pangeran Yehuwah.

Kamulyaning Sion kang bakal kaparingake

60:1-22

60 1 Ngadega dadia pepadhang, sabab padhangira teka,
lan kamulyaning Sang Yehuwah mletheki sira.
2 Awit lah pepeteng nglimputi bumi,
tuwin palimengan nutupi bangsa-bangsa;
nanging pepadhanging Pangeran Yehuwah mletheki sira,
sarta kamulyane katingal mayungi sira.
3 Para bangsa padha gumrudug marani pepadhangira,
tuwin para raja padha nekani cahya kang mletheki sira.
4 Ndengengeka lan ndelenga sakubengira,
wong kabeh padha nglumpuk marani sira;
anak-anakira lanang padha teka saka ing adoh,
dene anak-anakira wadon padha digendhong.
5 Ing nalika iku sira bakal eram ndeleng iku lan bungah banget
sira bakal gumun lan bakal gedhe atinira,

amarga lubering kasugihan ing sabranging
sagara bakal ngalih marang sira,
lan kasugihane para bangsa bakal nekani
sira.
6 Unta kang akeh cacahe bakal ngebaki
wilayahira,
unta-unta enom saka ing Midian lan Efa.
Iku bakal padha teka saka ing Syeba,
kalawan momot emas lan menyan,
sarta martakake pakaryaning Sang
Yehuwah kang misuwur.
7 Sakehing wedhus ing Kedar bakal nglumpuk
ana ing ngarepira,
wedhus lanang saka ing Nebayot bakal
cumawis kanggo pangibadahira;
kabeh iku bakal kacaosake ana ing
misbyahingSun
minangka kurban kang ndadekake
keparengingSun,
sarta Ingsun bakal damel sumoroting
padalemaningSun kang agung.
8 Sapa kang padha teka nglayang-nglayang
kaya mega iki
lan kaya manuk dara kang marani
lawanging pagupone iki?
9 Sanyata Ingsun kang dianti-anti dening
pulo-pulo kang adoh;
kapal-kapal ing Tarsis padha lumaku ana
ing ngarep,
padha nggawa anak-anakira lanang saka ing
adoh,
sarta momot salaka lan emas,

kagem asmaning Pangeran Yehuwah, Gusti
Allahira
lan marga saka Kang Mahasuci, Gusti
Allnahe Israel,
sabab Panjenengane paring kalulhuran
marang sira.
10 para wong ngamanca bakal padha
mbangun tembokira,
tuwin para ratune bakal ngladeni sira;
amarga sajroning bebenduningSun sira wus
Sunrangket
mung bae Ingsun wus kepareng paring
sih-piwelas marang sira.
11 Gapura-gapuranira bakal tansah menga
rina lan wengi ora bakal kainebake,
supaya wong bisa marakake kasugihane para
bangsa
marang sira,
bebarengan karo para ratune kang padha
digiring
dadi tawanan
12 Lah bangsa lan karajan kang ora gelem
suwita marang sira mesthi bakal sirna;
bangsa-bangsa iku bakal karusak,
katumpes.
13 Kamulyaning gunung Libanon yaiku wit
beros, wit berangan lan wit cemara,
bakal uga digawa pisan menyang ing
ngarepira,
kanggo ngrerengga wewengkone
padalemaningSun kang suci,
sabab Ingsun arsa damel mulyaning papan
kang kaidak ing sampeyaningSun.

14 anak-anake para wong kang nindhes sira
bakal padha marani sira kalawan
tumungkul,
lan sakehe wong kang padha ngala-ala sira
bakal sujud nyembah marang tlapakaning
sikilira;
sarta baka nyebut sira, “kuthaning Pangeran
Yehuwah”,
“Sion, kagungane Kang Mahasuci, Gusti
Allahe Israel”.
15 Minangka gegentine kaananira biyen,
nalika sira katinggal, disengiti lan ora
ditekani ing wong siji-sijia,
saiki sira bakal Sundadekake kaluhuran kang
langgeng,
dadi kabungahan turun-tumurun.
16 Sira bakal nesep susuning para bangsa
lan bakal ngombe susuning karajan-
karajan;
ing kono sira banjur bakal sumurup,
manawa Ingsun iki Yehuwah, Pamartanira,
lan Panebusira, Kang Mahasusi,
Gusti Allahe Yakub.
17 Minangka gegentining tembaga Ingsun
bakal maringi emas,
wesi Sunlironi salaka,
kayu Sunlironi tembaga,
tuwin watu Sunlironi wesi;
Ingsun bakal maringi tentrem-rahayu lan
kaadilan
kang bakal ngayomi lan nata uripira.
18 Ing nagaranira ora bakal ana maneh kabar
bab tumindak kanthi kekerasan,

bab karusakan utawa gempuran ing
wewengkonira;
sira bakal ngarani tembokira “Rahayu”
lan gapura-gapuranira “Pangalembana”.
19 Srengenge ora bakal dadi kang aweh
pepadhang maneh ing wayah awan
tumrap sira
lan cahyaning rembulan ora bakal aweh
pepadhang maneh ing wayah bengi,
nanging Pangeran Yehuwah bakal dadi
pepadhang langgeng tumrap sira,
sarta Gusti Allahira bakal dadi kaluhuranira.
20 Sira bakal kadunungan srengenge kang
ora tau surup
lan rembulan kang ora angslup,
amarga Pangeran Yehuwah bakal dadi
pepadhang kang langgeng tumrap sira,
tuwin dina-dinane anggonira nandhang
susah bakal diuwisi.
21 Kabeh kang ngenggoni sira para wong
bener,
anggone padha nduweni nagara iku ing
salawas-lawase;
padha kaya cangkokan kang Suntanem
piyambak
kanggo ngatonake kaluhuraningSun.
22 Kang cilik dhewe bakal dadi golongan kang
gedhe,
tuwin kang ringkih dhewe bakal dadi
bangsa kang santosa;
Ingsun, Yehuwah, bakal enggal nindakake
iku
ing wektu kang wus Suntemtokake.

Kabar karahayon marang Sion

61:1-11

61 1 Rohe Pangeran Allah ana ing Ingsun,
awit Sang Yehuwah wus njebadi
Ingsun;
Ingsun kautus martakake kabar kabungahan
marang para wong kang nandhang
sangsara,
tuwin rumeksa marang wong-wong kang
padha remuk atine,
ngundhangake lepasing para tawanan,
sarta pangluwaran saka ing pakunjarang
marang wong kang padha kaukum,
2 ngundhangake taun sih-rahmating Sang
Yehuwah
lan dina tumibane piwalesing Allah kita,
nglipur sakehing wong kang nandhang
susah,
3 ngganjar marang wong-wong mau
rerenggan sirah minangka gegentining
awu,
lenga-pesta minangka liruning bagor,
kidung pangalembana minangka
gegentining jiwa kang nglentrih,
supaya wong-wong mau padha kaaranan
"wit elah ing bab kabeneran",
"tanemaning Pangeran Yehuwah"
kanggo ngatonake kaluhurane.
4 Wong-wong mau bakal padha mbangun
gempuran kang wus atusan taun anane,

sarta ngedegake maneh panggonan-
panggonan kang wus dadi sepi wiwit
biyen;
bakal padha mbangun kutha-kutha
kang wus dadi gempuran,
panggonan-panggonan kang wus
turun-tumurun sepi.
5 Para wong ngamanca bakal padha
mbiyantu sira kabeh dadi pangoning
wedhus-wedhusira,
sarta wong-wong bangsa liyan bakal padha
dadi petaninira
lan tukang kebon ana ing pakebonanira
anggur.
6 Nanging sira bakal padha kaaranan
imaming Sang Yehuwah
lan bakal kasebut abdining Allah kita.
Sira bakal padha ngrasakake nikmating
kasugihane para bangsa
tuwin bakal padha rumangsa mbedhedheg
marga saka kehing kasugihane
wong-wong mau.
7 Minangka lirune anggonira padha
kawirangan tikel ping pindho,
lan minangka gegentine anggonira kacacad
lan kaidonan,
sira bakal padha tampa warisan tikel loro ana
ing nagaranira
tuwin bakal ngrasakake kabungahan kang
langgeng.
8 Sabab Ingsun, Yehuwah, remen marang
kaadilan

lan sengit marang tindak ngrayah lan
kaculikan;
Ingsun bakal maringi pituwas marang sira
kang trep,
sarta bakal nganakake prajanjian kang
langgeng kalawan sira kabeh.
9 Turunira bakal misuwur ana ing satengahe
para bangsa,
samono uga anak-putunira ana ing
antarane para suku bangsa,
satemah sakehing wong kang ndeleng bakal
padha ngakoni,
manawa iku turun kang padha kaberkahan
dening Pangeran Yehuwah.
10 Ingsun asukarena ana ing Pangeran
Yehuwah,
nyawaningSun asurak-surak ana ing
AllahingSun,
awit Ingsun ingageman busananing
karahayon
sarta diagemi jubahing kabeneran,
kayadene penganten lanang kang nganggo
rerenggan sirah
tuwin kaya penganten wadon kang
nganggo pepasrene.
11 Sabab kayadene bumi anggone metokake
tetuwuhan,
lan kaya kebon kang nukulake winih kang
kasebar,
iya mangkono iku anggone Pangeran Allah
bakal nuwuhake kabeneran
lan pepujian ana ing ngarepe sakehing
bangsa.

Karahayoning Sion bakal enggal kaparingake

62:1-12

62 1 Marga saka Sion aku ora bisa meneng,
lan marga saka Yerusalem aku ora bakal leren,
nganti tumeka kabenerane sumunar kaya cahya
lan karahayone murub kaya obor.
2 Para bangsa banjur bakal padha ndeleng kabeneranmu,
lan sakehing ratu bakal padha mirsani kamulyanmu,
tuwin wong bakal ngarani kowe nganggo jeneng anyar
kang bakal katemtokake dening Sang Yehuwah piyambak.
3 Kowe bakal dadi makuthaning kamulyan ana ing astaning Pangeran Yehuwah,
lan serbaning karajan ana ing astaning Allahmu.
4 Kowe ora bakal diarani maneh "kang ditinggal ing bojo",
tuwin nagaramu ora bakal kasebut maneh "kang sepi",
nanging kowe bakal diarani "kang ndadekake keparengingSun"
lan nagaramu "kang duwe bojo",
amarga kowe wus ndadekake keparenging Sang Yehuwah,
lan nagaramu bakal duwe bojo.

5 Amarga kayadene jaka duwe bojo prawan,
mangkono uga Panjenengane kang
mbangun kowe bakal dadi jodhomu,
lan kayadene bungahing atine penganten
lanang ndeleng penganten wadon,
mangkono uga Gusti Allahmu bakal rena
ing panggalih marga saka kowe.
6 Ing dhuwure tembok-tembokira, he
Yerusalem,
wus Sunpasangi wong jaga.
Ing sadina-dina lan ing sawengi-wengine,
iku padha ora tau meneng.
He kowe kang kudu ngengetake Pangeran
Yehuwah marang Sion,
kowe aja padha mung meneng bae
7 lan aja koketogake bae Panjenengane
kendel,
nganti Yerusalem kasantosakake dening
Panjenengane
tuwin kadadekake misuwur ana ing bumi.
8 Pangeran Yehuwah wus supaos demi astane
kang tengen,
demi astane kang kiyat:
"Lah Ingsun ora bakal maringake gandumira
maneh marang mungsuhira minangka
pangane,
lan wong-wong bangsa liyan ora bakal
ngombe anggurira kang wus sira olah
kanthi rekasa;
9 nanging wong kang ngeneni uga bakal
mangan
lan bakal memuji marang Pangeran
Yehuwah,

tuwin wong kang nglumpukake uga bakal
ngombe
ana ing plataran-plataraning
pasuceningSun.”
10 Lumakua, lumakua metu ing gapura,
nyawisna dalan kanggo umat,
bukaken, bukaken lurunge gedhe,
singkirna watu-watune,
masanga gendera kanggo para bangsa!
11 Amarga iki kang wus kaundhangake
dening Pangeran Yehuwah
nganti tekan ing poncoting bumi!
Wartakna marang putri Sion:
Lah karahayonmu teka;
lah kabeh kang dadi pituwasing rekaose
padha bareng kalawan Panjenengane,
sarta kang wus dadi kagungane iku
padha lumaku ana ing ngarsane.
12 Iku bakal padha diarani ing wong “bangsa
kang suci”,
“para tetebusane Pangeran Yehuwah”,
dene kowe bakal kasebut “kang digoleki”,
“kutha kang ora ditinggal”.

Paukuman marang Edom minangka piwales

63:1-6

63 1 “Sapa ta kang rawuh saka ing Edom,
kang rawuh saka ing Bozra kalawan
ngagem rasukan abang iku,
kang katon mawa cahya marga saka
pangagemane kang kaya mangkono iku,

kang lumampah kalawan ngagem
kakiyatan kang linuwih iku?”
“Iya Ingsun iki, kang janji bakal paring
pangadilan,
lan kang kagungan kwaos paring
pangluwaran!”
2 “Punapa sababipun, dene pangageman
Paduka abritipun kados makaten,
saha agemipun rasukan kok ngnatos
kados rasukanipun tiyang ingkang mipit
anggur?”
3 “Ingsun mung piyambakan bae
anggoningSun mipit,
lan panunggalane umatingSun ora ana
kang ngrewangi Ingsun!
Ingsun wus mipit para bangsa ing sajroning
bebenduningSun,
wus padha Sunidak-idak ing sajroning
mulad-mulading dukaningSun,
getihe muncrat-muncrat marang ing
rasukaningSun,
sarta pangagemaningSun kabeh wus
gluprut getih.
4 Amarga dinaning piwales wus Sunrancang
lan wus tumeka ing taun anggoningSun
pepulih.
5 Ingsun mirsani ngiwa-nengen: ora ana
kang tetulung;
Ingsun ngungun: kok ora ana kang
mbiyantu.
AstaningSun kang banjur mitulungi Ingsun,
lan mulad-mulading bebenduningSun,
iku kang mbiyantu Ingsun.

6 Ing sajroning dukaningSun iku bangsa-
bangsa padha Sunidak-idak,
padha Sunremuk ing sajroning mulad-
mulading bebenduningSun,
getihe Sundamel blabaran ana ing bumi.”

Pangakune Israel sarta panyuwunane ing sajroning pandonga

63:7--64:12

7 Kawula badhe mratelakaken sih-
susetyanipun Pangeran Yehuwah,
pakaryaning Sang Yehuwah ingkang
misuwut,
laras kaliyan sadaya ingkang katandukaken
dening Pangeran Yehuwah dhumateng
kita,
tuwin kamirahanipun ingkang ageng
dhumateng Banisrael
ingkang tumandukipun laras kaliyan
sih-piwelasipun
tuwin cundhuk kaliyan sih-susetyanipun
ingkang ageng.
8 Panjenenganipun rak sampun ngandika:
“Iku sanyata umatingSun,
putra-putra kang ora bakal tumindak culika,”
mila Panjenenganipun dados Pamartanipun
9 ing salebeting karupekanipun sadaya.
Sanes duta utawi utusan,
nanging Panjenenganipun piyambak
ingkang ngluwari;
Panjenenganipun ingkang nebus
margi saking tresna tuwin welasipun.

Ing jaman kina sami dipun junjung
saha dipun gendhong.
10 Ewadene lajeng sami mbalela
sarta damel sungkawaning Rohipun
ingkang suci;
mila Panjenenganipun lajeng santun dados
mengsahipun,
saha nglawan perang piyambak dhateng
umatipun.
11 Nunten sami kengetan dhateng jaman
kina,
jamanipun Nabi Musa, abdinipun punika:
Wonten ing pundi ta Panjenenganipun
ingkang ngentas saking seganten
sesarengan kaliyan pangening menda-
mendanipun?
Wonten ing pundi ta Panjenenganipun
ingkang
ngesokaken Rohipun ingkang suci wonten
ing manahipun;
12 ingkang kalayan astanipun ingkang luhur
nganthi Nabi Musa wonten ing tengenipun;
ingkang mbelah toya wonten ing ngajenging
umatipun
supados langgengnga asmanipun;
13 ingkang nuntun umatipun nglangkungi
samodra agung
kadosdene kapal nglangkungi ara-ara
samun?
Tiyang-tiyang wau boten nate kesandhung,
14 kadosdene raja-kaya ingkang tumurun
ing lebak.

Rohipun Sang Yehuwah nuntun dhateng ing
paleреman.
Inggih makaten punika anggen Paduka
nuntun umat Paduka supados asma
Paduka kaluhuraken.
15 Paduka mugi karsaa mirsani saking swarga
saha karsaa nguningani saking padaleman
Paduka ingkang suci saha agung!
Wonten ing pundi ta bentering panggalih
Paduka saha kasantosan Paduka,
panggalih Paduka ingkang trenyuh tuwin
sih-piwelas Paduka?
Paduka mugi sampun ngantos ngampah
panggalih Paduka piyambak!
16 Paduka punika rak Rama kawula sadaya?
Rama Abraham saestu boten uninga
punapa-punapa ing bab kawula sadaya,
saha Rama Israel boten tepang kaliyan
kawula sadaya.
Dhuh Yehuwah, Paduka piyambak punika
Rama kawula sadaya;
asma Paduka punika “Panebus kawula”
wiwit ing jaman kina.
17 Dhuh Yehuwah, punapa sababipun dene
Paduka ngetogaken anggen kawula sami
kesasar nyimpang saking ing margi
Paduka,
tuwin punapa sababipun dene Paduka
mangkotaken manah kawula,
satemah lajeng boten sami ajrih
dhumateng Paduka?
Paduka mugi karsaa wangsul margi saking
para abdi Paduka,

margi saking taler-talering bangsa
kagungan Paduka!
18 Punapa sababipun dene tiyang-tiyang dosa
sami ngremehaken padaleman Paduka
ingkang suci,
mengsah kawula sami ngidak-idak pasucen
Paduka?
19 Kawontenan kawula punika kados-kados
saking ing jaman kina
kawula sami dereng nate wonten ing
sangandhaping paprentahan Paduka,
kados-kados asma Paduka dereng nate
kasebutaken
tumrap kawula sadaya.

64 1 Mugi Paduka karsaa nyuwek langit
lan karsaa tumedhak,
satemah redi-redi sami gonjing wonten ing
ngarsa Paduka
2 -- kadosdene latu ingkang mbesmi kajeng
rencekan
tuwin kadosdene latu ingkang ngumobaken
toya --
supados asma Paduka kasumerepana dening
para mengsah Paduka,
satemah bangsa-bangsa sami gumeter
wonten ing ngarsa Paduka,
3 amargi Paduka nindakaken bab ingkang
nggegirisi ingkang boten sami kawula
ajeng-ajeng,
ingkang ing wiwit jaman kina dereng nate
kapireng ing tiyang!
4 Boten wonten kuping ingkang mireng,

saha boten wonten mripat ingkang
sumerep
Allah ingkang nindakaken punapa-punapa
kangge tiyang ingkang ngantos-antos
dhateng piyambakipun
namung Paduka ingkang tumindak
makaten.
5 Paduka methukaken para tiyang ingkang
sami nglampahi punapa ingkang leres
saha sami enget dhateng margi ingkang
Paduka tedahaken!
Paduka saestu duka punika, jalaran kawula
sami nglampahi dosa;
wiwit rumiyin kawula sami mbalela
dhumateng Paduka.
6 Margi saking makaten kawula sadaya
punika kadosdene tiyang ingkang najis
saha sakathahing kamursidan kawula
punika kadosdene lawon ingkang reged;
kawula sadaya sami dados alum kados ron
tuwin sami sirna margi saking piawon
kawula
kados ron ingkang kasirnakaken ing angin.
7 Boten wonten ingkang nyebut asma Paduka
utawi ingkang lajeng gumregah nggondheli
Paduka;
amargi Paduka ngaling-alingi wadana Paduka
dhateng kawula sadaya,
saha ngulungaken kawula dhateng
pangwaosing dosa kawula.
8 Nanging sapunika, dhuh Yehuwah, Paduka
punika Rama kawula sadaya!

Kawula sadaya punika lempung dene
Paduka ingkang mangun kawula,
sarta kawula sadaya punika yasaning asta
Paduka.
9 Dhuh Yehuwah, mugi sampun ngantos
sanget-sanget anggen Paduka duka
saha mugi sampun ngantos kalajengaken
anggen Paduka ngenget-enget
dhumateng dosa!
Mugi Paduka karsaa nguningani,
bilih kawula sadaya punika umat Paduka.
10 Kitha-kitha Paduka ingkang suci sampun
sami dados ara-ara samun,
Sion sampun dados pasamunan,
Yerusalem sepi mamring.
11 Papan pepundhen kawula ingkang suci
saha agung,
ingkang kangge memuji dhumateng
Paduka dening leluhur kawula sadaya,
sampun dados memangsaning latu,
gadhahan kawula ingkang endah piyambak
sampun dados gempuran.
12 Manawi nguningani punika sadaya, dhuh
Yehuwah,
punapa inggih Paduka badhe ngampet
sarira,
punapa Paduka namung badhe kendel
kemawon
saha damel sangsara kawula sadaya
ingkang langkung dening sanget?

Paring wangsulane Gusti allah: Paukuman tumrap wong dosa lan karahayon marang wong mursid

65:1-16

65 [1] Wus dadi keparenging panggalihingSun paring pituduh
marang wong kang ora nakokake marang Ingsun;
wus dadi keparenging panggalihingSun,
Ingsun ditemu dening wong kang ora ngupaya marang Ingsun.
Ingsun wus ngandika: "Iki Ingsun, iki Ingsun!"
marang bangsa kang ora nyebut asmaningSun.
[2] Sadina muput anggoningSun wus ngegarake astaningSun
marang suku bangsa kang mbalela,
kang lumaku ing dalan kang ora becik
lan kang ngenut rancangane dhewe;
[3] suku bangsa kang gawe gerahing panggalihingSun
tansah ana ing ngarsaning paningalingSun,
kalawan caos kurban ana ing patamanan-patamananing dewa
lan ngobong kurban ana ing dhuwur bata;
[4] kang lungguh ing kuburan-kuburan
lan nginep ana ing guwa-guwa;
kang mangan daging babi
sarta kwaline isi duduh daging najis;

5 kang celathu: “Ngedoha kana, aja ndemok aku,
mundhak dadi suci marga saka aku!”
Kabeh iki kaya pega kang lumebu ing granangingSun,
kaya geni kang murub sadina muput.
6 Lah ing ngarsaningSun wus ana tulisan mangkene:
Ingsun ora bakal kendel bae,
Ingsun malah bakal ndhawahake piwales,
piwales marang para wong iku,
7 marga saka kaluputane wong-wong iku dhewe, lan kaluputane para leluhure,
kabeh iku bareng, mangkono pangandikane Pangeran Yehuwah.
Amarga wus padha ngobong kurban ana ing gunung-gunung
lan nenacad Ingsun ana ing tengger-tengger.
Ingsun pancen bakal naker ana ing jubahe
pituwasing panggawe-panggawene kang biyen!
8 Mangkene pangandikane Pangeran Yehuwah:
“Kayadene tembunge wong manawa ing dhompolan anggur isih ana banyune:
iku aja dirusak,
sabab ing jerone isih ana berkahe!
mangkono uga Ingsun bakal tumandang marga saka para abdiningSun,
yaiku wong-wong iku ora kabeh Sunsirnakake.
9 Ingsun bakal nukulake turun saka Yakub,

lan wong saka Yehuda kang bakal maris
gunung-gunungingSun;
wong-wong pepilihaningSun kang bakal
tampa iku sarta para abdiningSun kang
bakal manggon ing kono.
10 Saron bakal dadi pangonaning wedhus
lan lebak Akhor dadi plegunganing sapi,
tumrap umatingSun kang ngupaya Ingsun.
11 Nanging sira kang wus padha ninggal
Pangeran Yehuwah,
kang wus padha lali marang gunungingSun
kang suci,
kang padha nata sesajen kanggo Dewa Gad,
tuwin kang padha nyuguhake anggur kang
dicampuri bumbu marang Dewa Meni:
12 Ingsun bakal nemtokake sira marang
pedhang,
tuwin sira bakal padha jengkeng arep
disembeleh!
Amarga nalika Ingsun nimbali,
sira ora ngaturake wangsulan,
nalika Ingsun ngandika,
sira ora padha ngrungokake,
nanging sira nglakoni kang ala ana ing
paningalingSun
lan luwih dhemen marang apa
kang ora ndadekake keparenging
panggalihingSun.”
13 Mulane mangkene pangandikane Pangeran
Allah:
“Lah para abdiningSun bakal mangan,
nanging sira bakal padha kaliren;
para abdiningSun bakal padha ngombe,

nanging sira bakal padha kasatan;
para abdiningSun bakal padha bungah-bungah,
nanging sira bakal padha nandhang wirang;
14 para abdiningSun bakal surak-surak marga saka senenging atine,
nanging sira bakal padha sambat-sambat marga saka padha prihatin,
sarta sira bakal padha nangis marga pepes semangatira.
15 Para wong pepilihaningSun kudu sira tinggali jenengira
kanggo sumpah ipat-ipat iki:
Pangeran Allah muga karsaa ndadekake kowe kaya wong-wong iki!
Nanging para abdiningSun bakal kasebut nganggo jeneng seje,
16 satemah wong kang arep oleh berkah ana ing nagara,
bakal nyuwun berkah demi Allah kang setya,
lan wong kang arep sumpah ana ing nagara
bakal sumpah demi Allah kang setya
sabab karupekan-karupekan kang biyen iku wus padha ora dielingi,
sarta wus kaling-kalingan tumrap paningalingSun.”

Janji bab langit kang anyar lan bumi kang anyar

65:17-25

17 “Awitdene lah Ingsun nitahake langit kang anyar
lan bumi kang anyar;
bab-bab kang biyen ora bakal dielingi maneh,
lan ora bakal tuwuh maneh ing sajroning ati.
18 Nanging padha bungah-bungaha lan surak-suraka
marga saka apa kang Suntitahake,
awit lah Ingsun nitahake Yerusalem kalawan kebak kabungahan
tuwin para kang manggon ing kono kalawan kebak kasenengan.
19 Ingsun bakal surak-surak marga saka Yerusalem,
sarta girang marga saka umatingSun;
ing kono bakal ora keprungu maneh swaraning tangis
lan swaraning pasambat.
20 Ing kono ora bakal ana bayi maneh kang umure mung sawatara dina
utawa wong tuwa kang ora tutug umure,
sabab wong kang matine umur satus taun iku bakal dianggep isih enom,
lan sapa kang umure ora nganti satus taun
bakal dianggep kena ing ipat-ipat.
21 Bakal padha ngadegake omah lan iya banjur dienggoni;

bakal padha nandur anggur ana ing kebon
lan iya banjur padha mangan wohe.
22 Ora bakal padha ngedegke apa-apa, kang banjur dienggoni ing wong liya,
lan ora bakal padha nenandur,
kang wohe banjur dipangan wong liya;
amarga umure umatingSun iku bakal padha karo umuring wit-witan,
tuwin para pepilihaningSun bakal padha ngrasakake nikmating gegaweane tangane.
23 Anggone padha nglakoni rekasa ora bakal tanpa guna
tuwin ora bakal nglairake anak kang banjur mati dadakan,
amarga padha turune wong kang diberkahi dening Pangeran Yehuwah,
sarta anak-putune padha manggon tetunggalan ana ing kono.
24 Sarta bakal kelakon sadurunge padha sesambat,
Ingsun wus paring wangsulan,
nalika lagi padha munjuk,
Ingsun wus midhangetake.
25 Asu ajag lan cempe bakal nyenggut bebarengan,
singa bakal mangan dami kaya sapi
sarta ula uripe bakal saka lebu.
Ora ana kang nglakoni piala utawa tumindak ora becik ana ing sawratane gunungingSun kang suci,"
mangkono pangandikane Pangeran Yehuwah.

Kaslametan sawise paukuman

66:1-24

66 1 Mangkene pangandikane Pangeran Yehuwah:
Langit iku dhamparingSun
lan bumi iku ancik-anciking sampeyaningSun;
sira arep padha ngedegake padaleman apa kagem Ingsun,
sarta panggonan apa kang bakal dadi palerebaningSun?
2 Apa dudu astaningSun kang karya iku kabeh,
satemah kabeh iki banjur ana?,
mangkono pangandikane Pangeran Yehuwah.
Nanging kang Sunpirsani iku wong-wong iki:
wong kang katindhes lan kang lemes semangate
lan kang gumeter awit saka pangandikaningSun.
3 Wong nyembeleh sapi lanang, nanging uga mateni manungsa,
wong ngurbanake wedhus, nanaging iya nugel gulune asu,
wong caos kurban dhaharan, nanging iya nyaosake getih babi,
wong nyaosake menyan, nanging uga memuja marang brahala.
Mulane: Kayadene anggone padha luwih seneng marang dalane dhewe,

lan nyawane seneng marang dewaning kaninsthan,
4 mangkono uga Ingsun iya luwih remen tumindak sawenang-wenang marang para wong iku
tuwin nekakake marang wong-wong mau apa kang ndadekake wedine;
amarga manawa Ingsun nimbali,
ora ana kang ngaturake wangsulan,
manawa Ingsun ngandika,
ora padha ngrungokake,
nanging padha nglakoni kang ala ana ing paningalingSun
sarta luwih seneng marang apa kang ora dadi karsaningSun.
5 Ngrungokna pangandikaning Sang Yehuwah,
kowe kang padha gumeter marga saka pangandikane!
Para sadulurira, kang padha sengit marang sira,
kang padha nyebratake sira,
awit sira padha ngajeni asmaningSun,
iku wus padha celathu: “Pangeran Yehuwah kareben ngatingalake kamulyane,
supaya aku padha nyumurupi kabungahanmu!”
Nanging wong iku dhewe kang padha kawirangan.
6 Rungokna, ana swara rame saka ing kutha,
rungokna, tekane saka ing Padaleman Suci!

Rungokna, Pangeran Yehuwah ndhawahake piwales
marang para satrune!
7 Sadurunge nglarani wus nglairake anak,
sadurunge krasa, wus nglairake anak lanang.
8 Sapa kang wus tau krungu bab kang kaya mangkono iku,
sapa kang wus tau sumuurp kang mangkono iku?
Apa bisa sawijining nagara dilairake ing sajroning sadina,
tuwin sawijining bangsa dilairake sapisan?
Nanging lagi bae nglarani,
Sion wus nglairake anak-anake.
9 Ingsun kang mbikak guwa-garbaning wong,
apa ora banjur damel supaya nglairake bayi?,
mangkono pangandikane Sang Yehuwah.
Utawa apa iya Ingsun kang damel supaya nglairake bayi,
banjur nutupi guwa-garbane maneh?,
mangkono pangandikane Gusti Allahira.
10 Padha bungah-bungaha bebarengan karo Yerusalem, lan surak-suraka marga saka Yerusalem,
he sakehe wong kang padha tresna karo kutha iki!
Padha giyak-giyaka bebarengan sakatogira,
he sakehe wong kang padha prihatin marga saka kutha iku!,
11 supaya kowe padha nusu nganti wareg
marang susu kang nyegerake kowe kabeh,

supaya kowe padha nusu lan ngrasakake
nikmate susune kang kebak.
12 Awit mangkene pangandikane Pangeran
Yehuwah:
Lah Ingsun ngilekake menyang ing kutha iku
karahayon kayadene kali,
tuwin kasugihane para bangsa
kayadene kali kang luber;
sira bakal padha nusu, bakal digendhong,
bakal diuthun-uthun ana ing pangkon.
13 Kayadene wong kang dilipur dening
biyunge,
iya kaya mangkono anggoningSun
iki bakal nglipur sira kabeh;
sira bakal padha dilipur ana ing Yerusalem.
14 Manawa sira padha nyumurupi kang
mangkono iku, atinira bakal bungah,
sarta sira bakal padha kaya suket enom
kang seger thukule;
astaning Yehuwah banjur bakal kelair marang
para abdine,
sarta bebendune marang para satrune.
15 Sabab lah Sang Yehuwah bakal rawuh
kalawan geni,
tuwin kreta-kretane bakal kaya lesus,
prelu ndhawahake bebendune kang
mulad-mulad
lan dedukane kang murub mangalad-alad.
16 Awit Pangeran Yehuwah bakal ngukum
kabeh kang urip
kalawan geni lan kalawan pedhange,
lan wong-wong kang padha pinatenan dening
Sang Yehuwah

iku bakal akeh cacahe.
17 Wong-wong kang padha sesuci lan
reresik awak marga arep lumebu ing
patamanan-patamananing dewa,
kalawan ngetutake wong kang ana ing
satengahe,
kang mangan daging babi
lan kewan-kewan kang najis lan tikus,
iku bakal padha sirna kabeh babar pisan,
mangkono pangandikane Pangeran
Yehuwah.

18 Ingsun nguningani sakehing panggawene
lan rancangane lan Ingsun rawuh prelu
nglempakake sakehing bangsa saka sakehing
basa, tuwin iku bakal padha sowan lan ndeleng
kamulyaningSun. 19 Ingsun bakal maringi
tengeran ana ing satengahe lan panunggalane
iku bakal ana kang Sunutus, yaiku para wong
kang bisa oncat, marani bangsa-bangsa, yaiku
menyang ing Tarsis, Pul lan Lud, menyang
ing Mesekh lan ing Rosy, menyang ing Tubal
lan Yawan, lan menyang ing pulo-pulo kang
adoh kang durung tau krugu kabar bab Ingsun
sarta durung tau ndeleng kamulyaningSun,
supaya padha martakake kamulyaningSun
ana ing satengahe para bangsa. 20 Iku bakal
padha ngirid sakehing sadulurira saka ing
antarane bangsa kabeh kacaosake minangka
kurban marang Sang Yehuwah kalawan
katunggangake ing jaran, kreta lan tandhu,
bihal sarta unta wadon kang rikat lakune,
kagawa munggah menyang ing gunungingSun
kang suci, menyang Yerusalem, mangkono

pangandikane Sang Yehuwah, padha kaya
wong Israel kang nggawa kurban ana ing
wadhah kang suci menyang ing padalemaning
Pangeran Yehuwah. 21 Panunggalane iku ana
kang bakal Sunpundhut Sundadekake imam
lan wong Lewi, mangkono pangandikane Sang
Yehuwah.

22 Sabab padha kaya langit kang anyar lan bumi kang anyar
kang bakal Suntitahake iku,
tetep dumunung ana ing ngarsaningSun,
mangkono pangandikane Pangeran Yehuwah,
mangkono uga turunira lan jenengira bakal lestari.

23 Sasi gumanti sasi,
lan Sabat gumanti Sabat,
umat manungsa kabeh bakal padha sowan sujud nyembah ana ing ngarsaningSun,
mangkono pangandikane Pangeran Yehuwah.

24 Iku bakal padha metu lan padha ndeleng
jisime wong-wong kang wus padha mbalela marang Ingsun.
Set-sete ora bakal padha mati,
lan genine ora bakal sirep,
kabeh iku bakal dadi wewujudan kang nggegilani
tumrap kabeh kang urip.

YEREMIA

Bebuka

1:1-3

1 [1] Iki pangandikane Nabi Yeremia bin Hilkia,
tedhak turune para imam ing Anatot
ing tanah Benyamin. [2] Nalika jamane Sang
Prabu Yosia bin Amon, ratu ing Yehuda,
ing taun kang kaping telulase anggone
ngasta paprentahan, ana pangandikane Sang
Yehuwah, kang kadhawuhake marang Nabi
Yeremia. [3] Pangandikane iku uga kadhawuhake
nalika jamane Sang Prabu Yoyakim bin Yosia
ratu ing Yehuda, nganti tumeka ing wekasane
taun kang kaping sawelase jumenenge Sang
Prabu Zedhekia bin Yosia ratu ing Yehuda,
nganti tumeka para wong kang manggon ing
Yerusalem padha kaangkatake menyang ing
pambuwangan, ing sajroning sasi kalima.

Nabi Yeremia katimbalan lan diutus

1:4-19

[4] Pangandikane Pangeran Yehuwah
kadhawuhake marang aku, mangkene:
[5] "Sadurunge Ingsun nggatra sira ana ing
guwa-garbane biyungira, Ingsun wus
nguningani sira,

lan sadurunge sira metu saka ing
wetengan, Ingsun wus nyengker sira,
Ingsun wus netepake sira dadi nabine
sakehing bangsa."
6 Dene unjuk wangsulanku: "Dhuh Pangeran
Yehuwah! Sajatosipun kawula punika boten
saged wicanten, awit kawula taksih nem."
7 Ewadene Sang Yehuwah ngandika marang
aku:
"Sira aja matur: Kawula punika taksih enem,
nanging menyanga enggone sapa bae sira
Sunutus, sira kudu mangkat,
lan apaa bae kang Sundhawuhake marang
sira, kudu sira tekakake.
8 Aja sira wedi marang wong-wong iku,
amarga Ingsun nganthi sira supaya
ngluwari sira,
mangkono dhawuh pangandikane Sang
Yehuwah."
9 Sang Yehuwah tumuli mulung astane lan
ndumuk cangkemku; Sang Yehuwah ngandika
marang aku:
"Lah Ingsun maringake dhawuhingSun ana
ing cangkemira.
10 Wruhanira, ing dina iki Ingsun njujung
sira dadi ana ing sadhuwuring
bangsa-bangsa lan karajan-karajan,
supaya mbedhol lan ngrubuhake, ngrusak
lan nggempuri,
apadene mbangun lan nandur."
11 Sawise iku ana pangandikane Sang
Yehuwah marang aku mangkene: "He Yeremia,

apa sing sira deleng?” Unjukku: “Kawula
ningali wit saked.”
12 Pangandikane Sang Yehuwah marang aku:
“Bener pandelengira, amarga Ingsun wus arep
nindakake dhawuh pangandikaningSun.”
13 Dhawuh pangandikane Sang Yehuwah
kang kapindhone marang aku: “Apa kang sira
deleng?” Atur wangsulanku: “Kawula ningali
kendhil ingkang umob, dhatengipun saking
sisih ler.”
14 Sang Yehuwah nuli ngandika marang aku:
“Saka ing sisih lor bakal ana bilai
kang ngamuk nempuh sakehing wong
kang manggon ing nagara kene.
15 Awit lah Ingsun nimbali sakehing gotrahing
karajan ing sisih lor,
mangkono pangandikane Sang Yehuwah,
lan wong-wong iku bakal padha ngedegake
dhamparing kratone dhewe-dhewe
ana ing sangareping gapurane Yerusalem,
ing sacedhaking balowarti ing sakubenge
lan ing sacedhake sakehing kuthane
Yehuda.
16 Ingsun bakal banjur ndhawahake
paukumaningSun marang wong-wong
iku,
awit saka sakehing pialane,
amarga wus padha nyingkur Ingsun,
klawan aweh kurban marang allah liyane,
lan sujud nyembah marang gaweaning
tangane dhewe.
17 Nanging sira iki, becik samektaa,

ngadega lan tekakna marang wong-wong
iku,
kabeh kang Sundhawuhake marang sira.
Aja wedi ana ing ngarepe wong-wong iku,
supaya Ingsun aja ndadekakake wedimu ana
ing ngarepe wong-wong iku.
18 Mungguh Ingsun, lah ing dina iki
sira Sundadekake beteng kang santosa,
saka guru wesi lan balowarti tembaga,
nglawan sawarataning nagara iki,
nglawan para raja ing Yehuda lan para
panggedhene,
para imame sarta rakyate nagara iki.
19 Wong-wong iku bakal padha merangi sira,
nanging sira ora bakal kalah,
amarga Ingsun nganthi sira,
supaya ngluwari sira,
mangkono dhawuh pangandikane Sang
Yehuwah."

Israel ninggal Sang Yehuwah

2:1-37

2 1 Pangandikane Sang Yehuwah marang
aku mangkene: 2 "Mangkata ngandhanana
wong saisining Yerusalem: Mangkene
pangandikane Sang Yehuwah:
Ingsun kengetan marang katresnanira ing
wektu nom-nomanira,
marang katresnanira nalika sira dadi
temanten,
anggonira ngetutwuri Ingsun ana ing ara-ara
samun,

ing tanah kang ora ana tetuwuhane.
3 Ing nalika samana Israel dadi sesengkerane Sang Yehuwah,
minangka woh kawitan saka panenane.
Sakehe wong kang mangan mesthi kaluputan,
tinempuh ing bilai,
mangkono pangandikane Sang Yehuwah.
4 He tedhak turune Yakub, rungokna pangandikane Sang Yehuwah,
he sakehe kulawargane tedhak turune Israel.
5 Mangkene pangandikane Sang Yehuwah:
Para leluhurira ngalami kaculikan apa saka Ingsun
dene padha ngedohi Ingsun,
lan banjur ngetutwuri dewa kang tanpa paedah
temah padha ora oleh apa-apa?
6 Sarta kok padha ora takon maneh: Ana ing ngendi Sang Yehuwah,
kang ngirid kita metu saka ing tanah Mesir;
kang nganthi kita ana ing ara-ara samun,
ing tanah kang cengkar lan legak-legok,
ing tanah kang luwih dening garing lan peteng,
ing tanah kang ora diambah ing wong
lan ora didunungi ing manungsa?
7 Sira wus Sunirid menyang ing tanah kang loh,
supaya ngrasakna wohe lan sapametune kabeh

kang becik saka ing kono.
Nanging bareng sira wus lumebu ing tanahingSun,
iku sira najisake,
tanah kagunganingSun sira dadekake jejember.
8 Para imam ora takon maneh:
Sang Yehuwah ana ing ngendi?
Para wong kang nyekel angger-angger wus ora wanuh marang Ingsun maneh,
lan para pangon padha nyingkur Ingsun.
Para nabi padha memeca demi Baal,
padha ngetutwuri marang kang tanpa guna.
9 Mulane Ingsun bakal prakaran maneh kalawan sira kabeh,
lan karo anak putunira Ingsun bakal prakaran,
mangkono pangandikane Sang Yehuwah.
10 Nyabranga bae menyang ing tanah pesisire wong Kitim lan sawangen;
kongkonana wong menyang ing Kedar lan gatekna temenan!
Setitekna apa ana kang kelakon kaya mangkene iki!
11 Apa ana bangsa kang ngijolake allahe,
sanadyan iku satemene dudu allah?
Nanging umatingSun padha ngijolake Kaluhurane
karo kang ora ana gunane.
12 He langit, kaebatana marga saka kang kaya mangkono iku,

ndhredhega lan gumetera kang luwih
banget,
mangkono pangandikane Sang Yehuwah.
13 Amarga umatingSun nglakoni dosa kaping
pindho:
padha nyingkur Ingsun,
kang dadi tuking banyu urip,
nedya ndhudhuk blumbang kanggo awake
dhewe,
yaiku blumbang kang borot, kang ora bisa
madhahi banyu.
14 Israel iku batur tukon, apa anaking batur?
Geneya kok dadi jarahan?
15 Singa nom padha nggero marang bangsa
iku,
kalawan swara kang dumeling,
tanahe didadekake cengkar,
kutha-kuthane diobongi, ora dienggoni
maneh.
16 Dalasan para wong ing Memfis lan
Takhpanhes
padha nggundhuli pathaking sirahira.
17 Rak sira dhewe kang njalari sira ketaman
kang kaya mangkono iku,
amarga sira nyingkur Sang Yehuwah, Gusti
Allahira,
nalika Panjenengane ngirid sira ana ing
dedalan?
18 Lah saiki, apa oleh-olehanira anggonira
lunga menyang ing Mesir,
apa arep ngombe banyune bengawan Nil?
Lan apa bathinira anggonira lunga menyang
ing Asyur,

apa arep ngombe banyune bengawan
Efrat?
19 Pialanira bakal ngrangket sira,
lan pamurtadira bakal nyiksa sira!
Wruhanira lan waspadakna, sapira ala lan
perihe
sira nyingkur Sang Yehuwah, Gusti Allahira
iku;
sarta ora gumeter wedi marang Ingsun,
mangkono pangandikane Pangeran
Yehuwah, Gustining sarwa dumadi.
20 Amarga wiwit biyen mula anggonira
mutungi pasanganira
lan medhoti talining cancanganira,
sarta kandha: Aku emoh ngawula maneh.
Malah ana ing saben tetengger kang
munggul,
lan ana ing sangisoring wit kang
ngrembuyung,
sira teturon lan laku jina.
21 Ewadene sira Suntuwuhake dadi wit
anggur pilihan,
lan dadi wiji kang murni satuhu.
Yagene ta, dene sira kok malih dadi wit kang
mambu penguk,
dadi wit anggur alasan!
22 Malah, sanadyan sira adusa ing banyu
landha
lan nganggo sabun akeh,
ewadene blentonging kaluputanira ora
ilang
ana ing paningalingSun,
mangkono pangandikane Gusti Allah.

23 Kapriye dene sira kok wani ngucap: Aku ora tau najisake awakku,
aku ora tau ngetutwuri para Baal?
Delengen tindak-tandukira ana ing lebak,
kawruhana apa kang wus sira lakoni;
he, unta wadon kang cancingan lan mloya-mlayu mrana-mrene,
24 kang mbedhal mlayu menyang ing ara-ara samun,
amarga kepengin ngisis!
Sapa kang bisa ngampah anggone kasmaran?
Kabeh kang nggoleki dheweke, ora prelu rekasa,
bakal padha ketemu ing mangsa jejodhoan.
25 Jaganen, supaya sikilira aja nganti ora nganggo trumpah,
lan gorokanira aja nganti kasatan!
Nanging sira ngucap: Tanpa gina! Tanpa gina!
Amargi kawula remen dhateng tiyang-tiyang ngamanca,
mila kawula badhe ngetutwingking tiyang-tiyang punika.
26 Kayadene wiranging maling kang konangan,
mangkono anggone turune Israel kawirangan,
yaiku para ratune, panggedhene, para imame lan nabine,
27 kang celathu marang kayu satengkel:
Panjenengan punika bapak kula!

lan marang watu: Panjenengan punika ingkang nglairaken kula!
Sanyata, padha nyingkur marang Ingsun temenan
lan ora ngadhepake raine marang Ingsun,
nanging baereng katempuh ing bebaya, nuli matur:
Paduka mugi karsaa mitulungi kawula!
28 Ana ngendi para allahira, kang sira gawe kanggo awakira dhewe iku?
Cikben padha tangi, yen bisa mitulungi sira,
ing wektu sira nemu bilai.
He Yehuda, marga kayadene kehing kuthanira,
iya samono iku uga kehing allahira!
29 Apa prelune sira arep bebantahan kalawan Ingsun?
Sira kabeh wus padha nyidrani Ingsun,
mangkono pangandikane Sang Yehuwah.
30 Tanpa guna anggoningSun nggebagi anak-anakira,
pamerdi ora digape
pedhangira dhewe wus mangsa para nabinira nganti entek,
kaya singa nom kang nyenyempal.
31 Sira iku tedhak turune sapa?
Gatekna dhawuh pangandikane Sang Yehuwah!
Apa Ingsun wus dadi ara-ara samun tumrap Israel
utawa tanah kang peteng ndhedhet?

Yagene umatingSun kok ngucap: Kawula
sampun mardika,
kawula sami boten purun sowan malih
dhateng ing ngarsa Paduka?
32 Prawan apa bisa lali marang rerenggane,
utawa penganten wadon marang udhete?
Nanging umatingSun lali marang Ingsun
wiwit ing wektu kang ora kena kaetung
lawase.
33 Apik temen anggonira nata dalanira
kanggo ngupaya katresnan!
Mulane sira wus kepatuh nglakoni piala.
34 Nganti getihe para wong miskin kang ora
salah tinemu
ana ing jubahira!
ora nalika padha mbabah arep maling
anggone padha sira konangi!
Sanadyan kabeh iku mangkono,
35 ewadene sira ngucap: Aku ora gawe dosa!
Pancen bebendune wus sumingkir saka
aku!
Lah, Ingsun arep ngajokake sira menyang
ing pangadilan,
awitdene sira ngucap: Aku ora gawe dosa!
36 Entheng temen panganggepira
ing bab ngowahi tindak-tandukira iku!
Sira bakal kisinan uga marga saka Mesir,
kayadene sira nandhang wirang marga
saka Asyur.
37 Saka ing kana uga sira bakal metu
karo ngangkat tanganira,
amarga Sang Yehuwah wus nampik para
kang sira andelake,

lan sira ora bakal oleh gawe karo para
wong iku."

Pamratobat marang Sang Yehuwah

3:1-5

3 [1] Pangandikane:
"Manawa ana wong megat rabine,
wong wadon mau banjur lunga ninggal dheweke
lan dadi rabine wong liya,
apa iya bojone kang dhisik
mau mbaleni wong wadon iku?
Nagara iku rak wus tetep najis?
Sira wus laku jina karo bedhangan akeh
lan nedya ngulihi Ingsun? -- mangkono pangandikane Sang Yehuwah. --
[2] Tumengaa marang tengger-tengger kang mblindhis lan sawangen!
Ana ing ngendi sira ora tau diajak sapaturon?
Ana ing pinggir ratan-ratan sira lungguh ngadhang bedhangan,
kaya wong Arab ana ing ara-ara samun.
Sira wus najisake nagara kalawan anggonira laku jina
lan kalawan pialanira.
[3] Mulane deresing udan cinegah
lan udan kiriman ora tumiba.
Nanging bathukira iku bathuke wong wadon tuna-susila,
sira ora idhep isin.

4 Lagi bae sira rak nyebut Ingsun: Rama
kawula!
Paduka punika mitra kawula wiwit alit
mila!
5 Panjenengane rak ora bakal duka salawase
utawa ngincim-incim aku ing salawase?
Mangkono ucapira, ewadene ing sabisa-bisa
sira
nindakake piala."

Israel lan Yehuda diajak bali marang Sang Yehuwah

3:6-13

6 Sang Yehuwah ngandika marang aku, nalika
jumenenge Sang Prabu Yosia: "Apa sira wus
nyipati apa kang dilakoni Israel, wong wadon
murtad iku, kang munggah menyang ing
angger gunung kang munggul lan menyang
ing sangisore saben wit kang nggrembel, nuli
laku jina ana ing kono? 7 PanggalihingSun:
Sawise nglakoni iku mau kabeh, bakal
ngulihi Ingsun, nanging ora bali. Prakara iku
disumurupi Yehuda, sadulure wadon kang
ora setya. 8 Disumurupi, manawa marga saka
anggone laku jina Ingsun wus megat Israel,
kang murtad iku lan Sunparingi layang pegat;
sanadyan mangkono Yehuda, sadulure wadon
kang ora setya iku, ora wedi, nanging malah
uga banjur laku jina. 9 Anggone laku jina
kang marga saka sembranane iku njalari
nagara dadi najis, malah banjur bebedhangan
kalawan nyembah watu lan kayu. 10 Uga

kalawan tumindake kabeh kang mangkono
iku Yehuda, sadulure wadon kang ora setya
iku, ora mbaleni Ingsun kanthi gumolonging
atine, nanging mung lelamisan, -- mangkono
pangandikane Sang Yehuwah.”
11 Lan Sang Yehuwah ngandika marang aku:
“Israel, wong wadon murtad iku satemene
luwih jujur tinimbang Yehuda, wong wadon
kang ora setya iku. 12 Sira lungaa mangalor
lan nguwuh-uwuha mangkene:

He Israel, wong wadon kang murtad, muliha!
-- mangkono pangandikane Sang Yehuwah. --
WedananingSun ora bakal rengu marang sira,
amarga Ingsun iki ambek sihmirma
-- mangkono pangandikane Sang Yehuwah,
ora bakal mbendoni ing salawase.
13 Mung bae sira ngakonana dosanira,
manawa sira wus cidra marang Sang Yehuwah, Gusti Allahira,
lan wus ngesokake katresnanira
marang para wong ngamanca ana ing sangisoring saben wit kang nggrembel,
lan ora nilingake suwaraningSun!,
mangkono pangandikane Sang Yehuwah.”

Umat kang bakal teka ing Sion

3:14--4:4

14 He bocah-bocah kang padha murtad,
muliha, -- mangkono pangandikane Sang
Yehuwah, -- amarga Ingsun iku gustinira!

Ingsun bakal mundhut sira saka angger kutha
wong siji, saka saben kulawarga wong loro lan
bakal ngirid sira menyang ing Sion. 15 Ingsun
bakal milih pangon-pangon kang cocog karo
panggalihingSun kang bakal ngengon sira
kabeh kanthi kawruh lan pangreten. 16 Manawa
ing nalika iku sira tangkar-tumangkar dadi
akeh lan padha bebranahan ana ing tanah
kene, -- mangkono pangandikane Sang
Yehuwah, -- pethining prajanjiane Sang
Yehuwah ora bakal diucapake maneh. Prakara
iku ora bakal tuwuh ana ing sajroning ati
maneh lan wus ora bakal dieling-eling dening
wong maneh; wong wus ora ngupaya lan
yasa maneh. 17 Ing wektu iku Yerusalem
bakal sinebut dhampare Sang Yehuwah, lan
sakehing bangsa bakal padha nglumpuk ana
ing kono, demi asmane Sang Yehuwah, ana
ing Yerusalem, lan bakal padha ora tumindak
manut atine kang ala. 18 Ing wektu iku tedhak
turune Yehuda bakal marani turune Israel, lan
bakal padha teka bebarengan saka ing nagara
lor menyang ing tanah kang wus Sunparingake
marang para leluhurira minangka tanah
pusakane.

19 Maune Ingsun kagungan panggalih:
"Satemene Ingsun arsa mrenahake sira ana
ing tengah-tengahing para putraningSun
lan maringi sira tanah kang endah,
tanah pusaka kang endah dhewe saka
para bangsa.
PanggalihingSun: sira bakal nyebut Ingsun:
Rama kawula,

lan ora bakal ninggal marang Ingsun.
20 Nanging sajatine sira padha ora setya marang Ingsun
kaya wong wadon kang ora setya marang rowange,
mangkono uga sira padha ora setya marang Ingsun,
he turune Israel, --
mangkono pangandikane Sang Yehuwah. --
21 Rungokna! Ing tengger-tengger kang gundhul
keprungu tangis pasambate anak-anake Israel,
amarga padha milih dalan kang nasar,
lan wus padha lali marang Sang Yehuwah, Gusti Allahe.
22 He bocah-bocah kang murtad, padha balia,
Ingsun bakal marekake pamurtadira."
"Lah punika kawula, kawula sami sowan ing ngarsa Paduka,
amargi Paduka punika Pangeran Yehuwah, Gusti Allah kawula.
23 Sanyatane tengger-tengger pangurbanan iku mung apus-apus,
yaiku kramean ing tengger-tengger iku!
Sanyatane, mung Sang Yehuwah, Gusti Allah kita,
kang ngasta kaslametane Israel.
24 Nanging brahala kang mirangake iku nguntal
sakehing rekasane para leluhur kita wiwit nom-noman kita;

wedhuse lan wedhus-gembele, sarta
sapi-sapine,
para anak-anake lanang lan wadon.
25 Mulane cikben aku padha ungkeb-ungkeb
klawan rasa wirang,
lan kanisthan kita cikben nasabi kita,
amarga aku wus padha gawe dosa marang
Sang Yehuwah, Gusti Allah kita,
yaiku kita lan leluhur kita
wiwit nom-noman kita tumeka saprene,
lan kita ora ngrungokake pangandikane
Sang Yehuwah,
Gusti Allah kita."

4

1 Pangandikane Sang Yehuwah: "He Israel!
Manawa sira gelem bali, sira balia marang
Ingsun,
lan manawa sira gelem ngedohake para
dewanira kang najisake,
sira ora susah sumingkir saka ing
ngarsaningSun.
2 Lan manawa sira nglairake supata klawan
kasetyan, kaadilan lan kabeneran:
Demi Sang Yehuwah kang gesang,
para bangsa bakal padha berkah-binerkahan
ana ing Panjenengane
lan bakal padha gedhe atine marga saka
Panjenengane."
3 Ujer Sang Yehuwah ngandika marang wong
ing Yehuda
lan wong kang manggon ing Yerusalem
mangkene:
"Sira mbukaka palemahan anyar kanggo sira
lan aja nyebar ing tengahing eren.

4 Padha tetaka lumadi marang Sang
Yehuwah,
lan ikuting atinira buwangen,
he wong Yehuda lan wong kang manggon ing
Yerusalem,
supaya bebenduningSun aja mulad-mulad
kaya geni,
lan murub makantar-kantar,
lan ora ana wong kang nyirep,
marga saka panggawe-panggawenira kang
ala!”

Yehuda diancam saka ing lor

4:5-31

5 Wartakna ing tanah Yehuda,
lan kabarna ing kutha Yerusalem:
Ngunekna kalasangka ana ing jero nagara,
nguwuh-uwuha kang seru:
“Padha ngumpula, payo padha ngungsi
menyang ing kutha-kutha kang santosa!”
6 Banderane adegna ngener marang kutha
Sion,
ngungsia dienggal, aja mung padha
meneng bae!
Amarga Ingsun ndhatengake bilai saka lor
lan karusakan kang gedhe.
7 Singa wus jumedhul saka ing grumbulan.
Kang ngrusak para umat wus mangkat,
wus metu saka ing panggonane,
arep gawe cengkaring nagaranira;
kutha-kuthanira bakal padha didadekake
jugrugan,

ora ana kang ngenggoni.
8 Mulane manganggoa sandhangan bagor,
nangisa lan sesambata,
amarga bebendune Sang Yehuwah kang
mulad-mulad ora bakal mendha saka
ing kita.
9 Pangandikane Sang Yehuwah mangkene:
“Ing wektu iku para raja lan para
panggedhe bakal kelangan krekat,
para imam bakal padha kagawokan lan
para nabi padha kaeraman,
10 sarta padha ngucap: Dhuh Pangeran
Yehuwah,
sayektos, Paduka sampun damel
kacelikipun bangsa punika,
lan para ingkang manggen ing Yerusalem
klayan pangandika Paduka ingkang makaten:
Sira padha oleha tentrem rahayu,
mangka jebul pedhang ingkang ngancam
nyawa kawula sadaya!”
11 Ing wektu iku bakal dikandhakake
marang bangsa iki lan wong kang manggon
ing Yerusalem:
“Angin panas saka ing tengger-tengger
gundhul ing sagara wedhi
midid marang ing putrining umatingSun,
dudu angin kang napeni lan ngresiki,
12 nanging angin kang banter kang tekane
marga saka dhawuhingSun.
Saiki Ingsun piyambak bakal ndhawahake
paukuman marang wong-wong iku.”
13 Delengen anggone munggah kaya lakuning
mendhung,

karetane perang rikate kaya prahara,
jarane cukate ngluwihi manuk garudha.
Adhuh cilaka aku, awit aku padha
disirnakake!
14 He Yerusalem, atinira resikana pialane,
supaya sira oleh kaslametan!
Isih pira suwene pangrantamira kang ala
anggone andhok ana ing atinira?
15 Rungokna! Wong alok-alok saka ing Dhan,
martakake bilai saka ing pagunungan
Efraim.
16 Para bangsa padha elingna: Iku teka
temenan!
Wartakna ing Yerusalem:
“Wong kang ngepung teka saka ing tanah
kang adoh,
padha ngulukakake swarane marang
kutha-kuthane Yehuda.
17 Patrape kaya wong kang tunggu pategalan,
ngubengi saka ing keblat papat;
amarga Yehuda wus mbalela marang Ingsun,
--
mangkono pangandikane Sang Yehuwah.
--
18 Tindak-tandukira lan panggawenira
kang njalari iku kabeh nempuh marang
sira.
Iku nasibira kang ala, sapira paite,
nganti njojoh atinira.”
19 Adhuh, dhadhaku, dhadhaku!
Aku lara kaya rinemet-remet!
Adhuh, pagering jantungku!

Jantungku dheg-dhegan, aku ora bisa
lerem,
amarga aku krungu swaraning kalasangka,
gumuruhing perang.
20 Gempuran-gempuran kawartakake,
saindenging nagara dirusak,
kemahku dirusak dadakan
samono uga tendhaku mung sakedhap
netra.
21 Isih pira suwene maneh aku ndeleng
bandera iku,
lan krungu swaraning kalasangka iku?
22 "UmatingSun iku nyata-nyata bodho,
padha ora wanuh marang Ingsun.
Bocah-bocah kang goblog,
lan ora ngreti apa-apa,
pintere yen nindakake piala,
nanging panggawe becik ora
dimangreteni."
23 Aku ndeleng bumi, lah wus worsuh lan
suwung,
lan aku tumenga marang ing langit,
padhange wus sirna.
24 Aku ndeleng gunung-gunung,
lah padha gonjang-ganjing,
lan sakehing tengger-tengger padha
horeg.
25 Aku ndeleng, jebul wus ora ana manungsa,
lan sakehing manuk ing awang-awang
padha mabur ngilang.
26 Lah aku ndeleng tanah kang maune subur
jebul wus dadi pasamunan,
lan sakehing kuthane wus padha jugrug

ana ing ngarsane Sang Yehuwah, marga
saka bebendune kang mulad-mulad!
27 Amarga mangkene pangandikane Sang
Yehuwah:
“Saindenging nagara iki bakal dadi sepi
mamring,
nanging Ingsun ora bakal nyirnakake iku
babar pisan.
28 Marga saka bab iki bumi bakal nandhang
susah,
lan langit ing dhuwur bakal dadi peteng
amarga Ingsun wus ngandika lan wus
ngrancang bab iku,
Ingsun ora bakal keduwung lan ora bakal
murungake iku.”
29 Marga saka gumredeging bala jaranan lan
prajurit panahan,
wong sanagara bakal padha ngungsi
kabeh.
Padha lumebu ing grumbulan
lan munggah ing tengger parang-parang;
saben kutha wus padha suwung,
lan ora ana wong siji-sijia kang manggon
ana ing kono.
30 Lan kowe kang padha kasirnakake
apa kang arep koklakoni,
geneya kowe padha manganggo jarit jingga,
lan pepasren emas,
apadene mripatmu celakan?
Tanpa guna anggonmu ngadi sarira,
bedhanganmu padha nampik kowe, malah
padha ngarah nyawamu.

31 Amarga aku krungu swara kaya sambate
wong wadon nglarani,
swarane sesek kaya swaraning biyung
kang nglairake anake tembean,
swaraning putri ing Sion kang krenggosan,
kang ngegarake tangane:
"Adhuh, cilaka aku, amarga aku sirna ana
ing ngarepe wong kang padha gawe
pepati!"

Paukumane Sang Yehuwah ora kena disingkirake

5:1-31

5 1 Lurung-lurung ing Yerusalem padha
liwatana,
tamatna lan titenana temenan!
Titinen ing ara-arane,
apa ana wong siji-sijia,
apa ana kang nindakake kaadilan lan kang
ngupaya kabeneran.
Ingsun bakal paring pangapura marang
kutha iku.
2 Sanadyan padha ngucap: "Demi Sang
Yehuwah kang gesang,"
ewadene supatane iku palsu.
3 Dhuh Sang Yehuwah, punapa tingal Paduka
boten tumuju dhateng ing kaleresan?
Paduka sampun nggebagi tiyang-tiyang
punika,
ewadene boten ngraos sakit.
Paduka sampun ngremuk tiyang-tiyang
punika,

ewadene sami boten sami purun nampeni
pamerdi.
Manahipun sami dipun atosaken nglangkungi
sela,
lan sami boten purun mratobat.
4 Aku banjur nggagas: “Iku kabeh mung
wong cilik,
iku wong-wong bodho,
awit padha ora ngreti marang margining
Sang Yehuwah,
angger-anggere Gusti Allahe.
5 Prayogane aku marani para wong gedhe,
lan rembugan karo wong-wong iku,
amarga wong iku kang padha ngreti
marang margine Sang Yehuwah,
angger-anggere Gusti Allahe.”
Nanging kabeh-kabeh wus padha mutungi
pasangan
lan medhoti tali-talining panancang.
6 Mulane bakal padha dipateni dening singa
kang metu saka ing alas,
lan disempal-sempal dening asu ajag
ing ara-ara kang garing.
Macan tutul bakal ngintip ana ing pinggiring
kutha-kuthane,
angger wong kang metu, bakal ditubruk.
Amarga panerake akeh banget
lan panasare gedhe banget.
7 Kapriye yen mangkono, apa Ingsun bisa
ngapura iku?
Anak-anakira wus padha nyingkur marang
Ingsun,
lan padha supata demi kang dudu allah.

Sawuse Sunwaregi banjur padha laku bedhang,
lan padha gegembyakan menyang ing pelonthen.
8 Wong-wong iku jaran lanang kang lemu lan dremba,
padha mbeker melik marang bojoning liyan.
9 Wong-wong iku apa ora Sunukum, marga saka iku kabeh?
-- mangkono pangandikane Sang Yehuwah. --
Apa Ingsun ora males marang bangsa kang kaya mangkono iku?
10 Meneka ing kebon anggure kang mawa andha,
rusaken, nanging aja dientekake babar pisan.
Carang-carange wit anggur buwangana
amarga iku kabeh dudu kagungane Sang Yehuwah!
11 Amarga tedhak turune Israel lan Yehuda
-- mangkono pangandikane Sang Yehuwah --
wus nyidrani Ingsun temenan.
12 Wong iku padha nyelaki Sang Yehuwah,
lan ngucap: "Panjenengane ora nindakake apa-apa!
Aku padha ora nemahi bilai,
aku ora bakal ngalami perang lan pailan.
13 Para nabi iku bakal dadi angin,
padha ora kanggonan pangandikane Sang Yehuwah."

14 Mulane pangandikane Sang Yehuwah,
Allahing kang sarwa dumadi mangkene:
“Sarehne padha ngucap mangkono,
mulane bakal kelakon mangkene tumrap wong iki:
Lah Ingsun bakal ndadosake pangandikaningSun
dadi geni ana ing cangkemira,
lan bangsa iki dadi kayubong, dene geni bakal ngobong dheweke nganti entek.
15 He tedhak turune Israel,
lah Ingsun bakal ndhatengake bangsa saka ing tanah adoh,
kang nempun marang sira,
-- mangkono pangandikane Sang Yehuwah, --
bangsa kang kuwat santosa,
kang anane wiwit kuna mula,
lan ora koksumurupi basane
lan ora kokngreteni kang dikandhakake.
16 Endhonge kaya kubur kang menga,
kabeh padha wong prawira.
17 Bakal padha ngentekake panenan lan panganira,
bakal mangan anakira lanang lan wadon nganti entek,
bakal ngentekake wedhus-wedhusira lan sapi-sapinira,
bakal padha ngentekake wit anggurira lan wit anjirira,
lan nggempur kalawan pedhang, kutha-kuthanira kang sentosa,
kang sira andelake.”

18 “Nanging ing wektu iku uga, -- mangkono
pangandikane Sang Yehuwah, -- Ingsun
ora bakal damel tumpesira babar pisan.
19 Lan manawa sira besuk takon-takon: Apa
ta prelune Sang Yehuwah, Gusti Allah kita
nindakake prakara iku mau marang kita?, sira
wangsulana mangkene: Kayadene anggonira
wus nyingkur marang Ingsun lan ngawula
marang allah liyane ing nagaranira, sira iya
bakal ngawula marang bangsa liya ana ing
nagara kang dudu nagaranira.”

20 Iki sira kandhakna marang para turune Yakub
lan iku sira wartakna ana ing tanah Yehuda,
padha sira kandhanana mangkene:
21 “Iki rungokna, he bangsa kang goblog lan kang tanpa budi,
kang duwe mripat nanging ora ndeleng,
lan duwe kuping, nanging ora krungu!
22 Sira kok dadi ora wedi marang Ingsun,
-- mangkono pangandikane Sang Yehuwah, --
lan ora gumeter ana ing ngarsaningSun?
Rak Ingsun kang ndadekake pasisir wedhi minangka watesing sagara,
kang dadi wewates tetep,
kang ora kena dilangkahi?
Nadyan sagarane molak-malika iya ora keconggah,
sanadyan alun-alune gumulung-gulung,
iya ora bakal ngliwati watese.
23 Nanging bangsa iki atine

tansah nglawan lan mbalela,
wis padha nyimpang lan ngilang.
24 Ing sajroning atine ora padha mosik:
Prayogane kita padha wedi marang Sang Yehuwah, Gusti Allah kita,
kang paring udan ing kalamangsane,
udan ing wiwitan lan wekasaning mangsa,
lan netepake mangsa panen kang mesthi kanggo kita.
25 Durakanira kang ngalang-alangi iku kabeh,
lan dosanira kang ngrendhetake kang becik tumrap sira.
26 Satemene, umatingSun ana kang duraka lan masang jaringe,
kaya juru mikat manuk kang masang kalajirete,
anggone padha nyekeli manungsa.
27 Kaya kurungan kang kebak manuk,
kaya mangkono omahe kebak isi paracidra,
iku kang njalari dadi wong gedhe lan sugih,
28 padha lemu ginuk-ginuk.
Kajaba iku uga ngetogake tumindake sakehing piala,
ora mreduli marang angger-angger,
ora menangake prakarane bocah lola,
lan ora mbelani wewenange wong mlarat.
29 Apa Ingsun ora bakal matrapi paukuman marang wong kang padha tumindak mangkono?
-- mangkono pangandikane Sang Yehuwah. --
Apa Ingsun ora males ukum
marang bangsa kang kaya mangkono iku?”

30 Ing nagara iki tinemu
bab kang ngebat-ebati lan ngeres-eresi:
31 Para nabi nglairake pameca palsu,
para imam mulang sakarep-karepe,
lan umatingSun bakal dhemen kang kaya mangkono iku!
Nanging apa kang bakal sira lakoni
samangsa wus tekan ing wekasane?

Bilai kang bakal nempuh Yerusalem lan Yehuda

6:1-26

6 1 He para wong Benyamin padha lumayua ngungsi,
saka ing satengahe kutha Yerusalem!
Ngunekna kalasangka ana ing Tekoa,
ngumbulna kebul kanggo pratandha ana ing Bet-Kerem!
Amarga bilai wus ngincer saka ing lor,
yaiku karusakan gedhe.
2 Putri ing Sion apa padha karo
pangonan kang banget disenengi?
3 Temahan para pangon padha nekani
klawan pepanthaning kewane?
Padha masang tarub-tarube ana ing sakubenge.
Siji-sijine padha mangan apa kang tinemu nganti gusis.
4 "Padha samektaa ing perang nglawan dheweke;
payo padha nempuh ing wayah tengange!"

“Cilaka aku kabeh, amarga srengengene wus ngglewang,
wayangane ing wayah sore wus dadi dawa!”
5 “Payo, padha mangsah perang ing wayah bengi,
lan ngrusak kedhaton-kedhatone!”
6 Amarga pangandikane Sang Yehuwah, Gustining sarwa dumadi mangkene:
“Wit-witane padha tegorana lan urugana lemah,
dadia tanggul kanggo nglawan Yerusalem!
Jer iku kutha kang kudu diukum!
Mung panganiaya kang tinemu ana ing kono!
7 Kaya sendhang kang ngluberake banyune,
iya mangkono Yerusalem anggone ngwetokake durakane.
Ambeksiya lan panganiaya tansah keprungu ana ing kono,
tatu lan gebugan tansah Sunpirsani.
8 He Yerusalem, sira nampanana pamerdi,
supaya Ingsun ora nilar sira,
lan ora ndadekake sira sepi mamring,
dadi nagara kang suwung!”
9 Mangkene pangandikane Sang Yehuwah, Gustining kang sarwa dumadi:
“Kekarene wong Israel asagana nganti njlimet,
kaya pangasage wit anggur.
Balia dadi kaya tukang ngundhuh anggur,
klawan tanganira kang methiki woh anggur ing carang-carange!”

10 Marang sapa anggonku kudu kandha
lan nglairake paseksen supaya wong
banjur padha nggatekake?
Kupinge wong-wong mau nyata ora tetakan;
wong-wong iku ora bisa ngrungokake!
Lah, pangandikane Sang Yehuwah dadi
cacadan,
ora disenengi.
11 Nanging aku kebak bebendune Sang
Yehuwah,
nganti kesel anggonku nahanake,
kudu ngesokake iku marang bayi ing
dedalan,
lan marang kumpulane para wong
nom-noman.
Dadia lanang dadia wadon mesthi padha
dicekel,
iya kang tuwa, iya kang wus akeh umure.
12 Omah-omahe bakal dadi duweke wong
liya,
dalasan pategalan-pategalane lan
bojo-bojone.
“Lah, astaningSun bakal Sunacungake,
nglawan wong kang manggon ing nagara
kene,
-- mangkono pangandikane Sang
Yehuwah. --
13 Lah, wiwit saka kang cilik nganti tumeka
kang gedhe,
panunggalane wong-wong iku,
kabeh padha ngudi oleh bathi,
dadia nabi dadia imam kabeh padha
ngapusi.

14 Padha nambani tatune umatingSun,
iku kaangep entheng, celathune:
Tentrem rahayu! Tentrem rahayu!
Nanging ora ana tentrem rahayu.
15 Pancene kudu padha rumangsa wirang,
amarga padha nindakake kanisthan,
nanging babar pisan ora rumangsa isin
lan padha ora nyumurupi ing kanisthane.
Mulane bakal padha ambruk ana ing
satengahe wong kang padha ambruk;
bakal padha kesandhung lan tiba
ing nalika Ingsun ngadili wong-wong iku,
-- mangkono pangandikane Sang
Yehuwah.”
16 Pangandikane Sang Yehuwah mangkene:
“Sira padha ngadhanga ana ing dedalan
lan ngawasna
takokna dalan-dalan kang kuna-kuna,
endi kang becik, liwatana,
sarana mangkono nyawanira bakal oleh
katentreman.
Nanging wong iku padha ngucap:
Aku padha emoh liwat ing kono!
17 Ingsun uga wus ngangkat wong kang
padha jaga,
dhawuhingSun: “Pada ngrungokna unining
kalasangka!
Nanging padha mangsuli: Aku padha emoh
ngrungokake!
18 Mulane padha rungokna, he para bangsa,
lan kawruhana, he pasamuwan,
wong iki bakal padha nemahi apa?
19 He bumi, tilingna!

Lah, Ingsun bakal ndhatengake bilai
marang bangsa iki,
minangka wohing rancangane wong-wong
iku,
amarga padha ora ngrungokake marang
dhawuhingSun
lan nampik piwulangingSun.
20 Apa paedahe tumrap Ingsun sira nggawa
dupa saka Syeba
lan tebu kang becik saka ing nagara kang
adoh?
Ingsun ora karenan marang kurbanira
obaran,
lan kurbanira sembelehan ora ndadekake
keparenging galihingSun.
21 Mulane mangkene pangandikane Sang
Yehuwah:
Lah, Ingsun bakal ndekek watu
sandhungan
ana ing ngarepe bangsa iki,
supaya wong iku padha tiba kesandhung
ing watu iku,
para bapa lan anak-anak,
tangga-teparo lan para kancane kabeh
bakal padha nemahi tiwas."
22 Pangandikane Sang Yehuwah mangkene:
"Lah, ana sawijining bangsa kang bakal
teka saka ing tanah lor,
ana sawijining suku bangsa kang gedhe
kang bakal teka saka ing poncoting bumi.
23 Padha sikep gegaman panah lan tumbak,
padha ambeksiya ora duwe rasa welas.
Swarane jumlegur kaya sagara,

padha nunggang jaran,
samekta kaya wong mangsah perang,
padha nempuh marang sira, he putri ing Sion!”
24 Aku wus padha krungu wartane,
tanganku wus padha jimpe,
aku padha ketaman ing sesek,
aku padha ngrasakake lara kaya wong wadon nglarani.
25 “Aja padha metu menyang ing ara-ara,
lan aja lumaku ana ing dedalan,
amarga pedhanging mungsuh ngamuk,
pagiris teka saka ing keblat papat!”
26 He putrining bangsaku,
padha manganggoa sandhangan bagor
lan gulunga ana ing lebu!
Nandhanga sedhih kaya nangisi anak ontang-anting,
nangisa kalawan susah sedhih.
Amarga kang gawe pepati bakal teka kalawan ndadak
lan nempuh marang sira.

Nabi Yeremia dadi panetering umat

6:27-30

27 Ingsun wus ngangkat sira saka ing antaraning para umatingSun dadi tukang neter,
sira kudu ngreti carane niti-priksa,
lan kudu neter tindak-tanduke.
28 Wong-wong iku kabeh padha wong kang seneng tumindak duraka,

mloka-mlaku mrana-mrene mitenah wong;
kabeh padha laku ala!
29 Ububan wis ngempus-empus
nanging kang metu saka geni mung timbel,
tembaga lan wesi.
Ora ana gunane mbesot terus-terusan,
nanging para wong duraka ora bisa kapisah.
30 Wong iku aranana salaka buwangan,
amarga Sang Yehuwah wus nampik wong iku!

Kotbahe Nabi Yeremia bab Padaleman Suci

7:1-15

7 1 Pangandikane Sang Yehuwah marang
nabi Yeremia mangkene: 2 "Sira ngadega
ana ing gapuraning Padalemane Sang
Yehuwah, ana ing kono sira nguwuh-uwuha,
mratelakna pangandika iki sarta kandha:
Padha ngrungokna pangandikane Pangeran
Yehuwah, he para wong Yehuda kabeh kang
lumebu ngliwati sakehe gapura iki arep
nyembah sujud marang Sang Yehuwah!
3 Mangkene pangandikane Sang Yehuwah,
Gustining sarwa dumadi, Gusti Allahe
Israel: Sira mbecikna tindak-tanduk lan
panggawenira, Ingsun banjur bakal karsaa
dedalem ana ing kene nunggil karo sira.
4 Aja pracaya marang tembung goroh, kang
mangkene: Iki Padalemane Sang Yehuwah,

Padalemane Sang Yehuwah, Padalemane
Sang Yehuwah, 5 kejaba manawa sira padha
temen-temen mbecikake tindak-tanduk lan
panggawenira sarta temen-temen nindakake
kaadilan ana ing satengahira dhewe-dhewe,
6 ora nindhes wong ngamanca, bocah lola lan
randha, ora ngwutahake getihe wong kang ora
salah ana ing papan kene sarta ora ngetutwuri
allah liyane kang marakake bilainira dhewe.
7 Ingsun banjur bakal dedalem ana ing kene
nunggil kalawan sira, ing tanah kang wus
Sunparingake marang leluhurira, wiwit ing
jaman kuna nganti ing salawas-lawase.
8 Nanging lah sira mituhu marang tembung
goroh, kang ora migunani. 9 Lah kok sira isih
nyenyolong, memateni, laku bandrek, lan
nglairake sumpah palsu, kekutug nyembah
marang Baal sarta ngetutwuri allah liyane
kang ora sira sumurupi; 10 mangka sira
banjur seba marang ing ngarsaningSun,
ing padaleman kang sinebut nganggo
asmaningSun, kalawan ngucap: Kita padha
slamet, supaya bisa nindakake panggawe
kang nistha iki! 11 Padaleman kang sinebut
nganggo asmaningSun iki apa sira anggep
pandhodhotaning begal? Lah Ingsun piyambak
wus nguningani iku kabeh, -- mangkono
pangandikane Sang Yehuwah. -- 12 Nanging
becike sira menyanga ing PadalemaningSun
ing Silo dhisik, kang biyen dadi padununganing
asmaningSun, padha satitekna apa kang
wus Suntandukake awit saka durakane
umatingSun Israel! 13 Lah sarehne sira saiki

wus nindakake sakehing panggawe iku uga,
-- mangkono pangandikane Sang Yehuwah,
-- lah sira emoh ngrungokake, sanadyan
wus Sunngandikani marambah-rambah,
ewadene sira ora ngaturi wangsulan, sanadyan
Ingsun wus nguwuh-uwuh marang sira,
14 mulane padaleman, kang sinebut nganggo
asmaningSun lan padha sira andelake iku, lan
panggonan, kang Sunparingake marang sira
lan leluhurira iku, bakal Sunpatrapi kaya kang
wus Suntandukake marang Silo; 15 Ingsun
bakal mbucal sira saka ing ngarsaningSun,
kaya sakehing para sadulurira yaiku kabeh
turune bani Efraim kang wus Sunbucal."

Nglawan pangabekti marang ratuning langit

7:16-20

16 "Nanging sira aja ndongakake bangsa iki;
sira aja ngunjukake pesambat lan panyuwun
apadene sira aja ngungset marang Ingsun
kanggo wong-wong iku, amarga Ingsun
ora bakal miyarsakake sira. 17 Sira apa ora
ndeleng apa kang dadi panggawene ana ing
kutha-kuthane Yehuda lan ing lurung-lurunge
Yerusalem? 18 Bocah-bocah padha ripik-ripik
kayu, bapakne padha daden geni sarta
kang wadon padha ngulet jladren kanggo
olah panganan, sesajen bakal katur marang
ratuning langit, lan wong padha ngecurake
sajen omben-omben marang allah liyane,
kanthi sedya gawe gerahing galihingSun.

[19] Apa panggalihingSun kang salugune digawe
gerah, -- mangkono pangandikane Sang
Yehuwah -- apa dudu atine dhewe kang digawe
lara temah banjur padha wirang? [20] Mulane
mangkene pangandikane Gusti Allah: Lah
bebenduningSun lan dedukaningSun bakal
kaesokake ana ing papan kene, marang
manungsa, kewan lan wit-witan ing ara-ara lan
marang pametuning bumi: mulad-mulading
bebendu mau bakal ora bakal sirep-sirep.”

Nglawan pangibadah kang tanpa kasetyan

7:21-28

[21] Mangkene pangandikane Sang Yehuwah,
Gustining sarwa dumadi, Gusti Allahe
Israel: “Kurbanira obaran kanthekna kurbanira
sembelehan lan panganen daginge! [22] Sanyata,
ing nalikane Ingsun ngirid leluhurira metu
saka ing tanah Mesir, Ingsun ora ngandika
lan ndhawuhake apa-apa bab kurban obaran
lan kurban sembelehan. [23] Mung prakara iki
kang Sundhawuhake: Sira padha ngrungokna
dhawuhingSun, temah Ingsun bakal dadi
Allahira lan sira dadi umatingSun, apadene
sira tansah lumakua ana ing dalan kang
Suntedahake marang sira, supaya sira
padha nemu begja. [24] Ewadene ora padha
ngrungokake lan nggatekake, malah padha
nuruti kekarepane lan tekade kang ala,
apadene padha mungkur lan ora madhep.
[25] Wiwit rikala leluhurira metu saka ing
tanah Mesir tumeka saprene, saben dina

ora kendhat-kendhat Ingsun ngutus para
abdiningSun, para nabi, marani dheweke,
26 nanging padha emoh ngrungokake
dhawuhingSun sarta ora nggatekake, malah
padha ngakokake githoke; tumindake
ngluwihi ala banget katimbang para leluhure.
27 Sanadyan sira mratelakake sakehing
prakara iki marang wong-wong iku, ewadene
padha ora ngrungokake lan sanadyan sira
nguwuh-uwuh ewadene ora padha mangsuli.
28 Mulane padha tuturana mangkene: Iki
bangsa kang emoh ngrungokake swaraning
Sang Yehuwah, Gusti Allahe lan emoh nampani
pamerdi! Kaburusane wus sirna, wus oncat
saka ing cangkeme."

Panyembah marang brahala lan katemahane

7:29--8:3

29 Rambuting sirahira cukuren lan buwangen!
Nganakna patangisan ana ing gunung-
gunung kang gundhul,
awitdene Sang Yehuwah wus nampik lan
mbucal
bangsa kang ketaman ing bebendune!
30 Jer wong Yehuda wus padha nglakoni
apa kang ala ana ing ngarsaningSun, --
mangkono pangandikane Sang Yehuwah, --
sarta wus padha mapanake dewa-dewane
kang najisake padaleman, kang nganggo
asmaningSun ndadekake najise. 31 Wong iku
wus padha ngadegake tengger pangurbanan

kang aran Tofet ing Lebak Ben-Hinom kanggo
ngobong anak-anake lanang lan wadon,
prakara kang ora tau Sunprantahake lan
ora tau tuwuh ana ing panggalihingSun.
32 Dhawuh pangandikane Sang Yehuwah:
Mulane lah bakal teka wektune, panggonan iki
wus ora aran “Tofet” lan “Lebak Ben-Hinom”
maneh, nanging “Lebak Panyembelehan”;
wong bakal padha ngubur mayit ana ing Tofet,
amarga wus kentekan pakuburan, 33 malah
mayite bangsa iki bakal padha dadi pakane
manuk ing awang-awang sarta sato kewan
ing bumi, ora ana kang munasika. 34 Ing
kutha-kutha ing Yehuda lan ing lurung-lurung
ing Yerusalem swaraning kabungahan lan
sukarena, swaraning penganten lanang lan
wadon bakal Sunlerenake, amarga kutha iku
bakal dadi papan kang sepi suwung.

8 1 Ing wektu iku -- mangkono pangandikane
Sang Yehuwah -- balunge para raja ing
Yehuda, para panggedhene, para imam lan
para nabi, apadene balunge para wong ing
saisining Yerusalem bakal padha diwetokake
saka ing kuburane, 2 dieler ana ing sangisoring
srengenge, rembulan lan sagolonganing
langit, kang biyene ditresnani, dikawulani,
dianut, diupadi lan disujudi. Kabeh iku ora
bakal dikumpulake lan dikubur, iku bakal
kagawe rabuk ing pategalan. 3 Nanging
sakehe kekarene wong kang ala iku bakal
luwih seneng mati katimbang urip ana ing
sadhengah panggonan, kang Sunagem
mbuyarake wong-wong iku, mangkono

pangandikane Sang Yehuwah, Gustining kang
sarwa dumadi.

Dosa lan paukumane

8:4-17

4 Sira mratelakna marang para wong iku:
“Mangkene pangandikane Sang Yehuwah:
Wong kang tiba iku apa ora tangi maneh?
Wong kang nyingkur iku apa ora bali
maneh?
5 Yagene bangsa iki mungkur,
mungkur terus?
Padha nekad laku cidra,
lumuh mratobat.
6 Ingsun wus nggatosake lan midhangetake,
kandhane ora jujur!
Ora ana kang nggetuni pialane
karo ngucap: Apa ta kang wus daklakoni
iki!
kalawan mbedhal lumayu padha nggeblas
manut parane dhewe-dhewe
kaya jaran kang nrejang ing peperangan.
7 Dalah manuk cangak ing awang-awang,
ngreti mangsane,
manuk drekuku, sriti lan bango
padha kelingan mangsane bali,
nanging umatingSun ora sumurup
angger-anggere Sang Yehuwah.
8 Kapriye dene sira wani ngucap:
Aku iki wicaksana
lan nduweni Torete Sang Yehuwah?
Lah, pene juru tulis kang cidra,

wus ngowahi dadi goroh.
9 Para wong wicaksana bakal padha kawirangan,
kaget lan keblusuk.
Lah wis padha nampik pangandikane Sang Yehuwah,
apa isih padha kadunungan kawicaksanan?
10 Mulane rabine bakal padha Sunpasrahake marang wong liya,
lan pategalan-pategalane marang para penjajah.
Lah, wiwit kang cilik nganti kang gedhe,
kabeh padha ngupaya kauntungan,
dadia nabi, dadia imam,
kabeh padha laku cidra.
11 Wong iku padha nambani tatune putrining umatingSun,
kang dianggep mayar bae, celathune:
Tentrem rahayu! Tentrem rahayu!
Nanging ora ana tentrem rahayu.
12 Pancene kudu rumangsa wirang,
amarga padha nglakoni kanisthan,
nanging padha ora rumangsa wirang babar pisan
lan ora ngrumangsani cacade.
Mulane bakal padha tiba ana ing satengahe wong kang padha ambruk,
bakal padha kejengklok,
samangsa padha tampa paukuman,
-- mangkono pangandikane Sang Yehuwah.
13 Pangandikane Sang Yehuwah mangkene:
Ingsun arsa mundhut pametune,

nanging wite anggur ora ana wohe,
wite anjir ora ana wohe,
lan godhonge wus padha alum,
mulane Ingsun bakal netepake,
para wong kang bakal padha ngidak-idak wong-wong iku.”
14 Yagene kita kok mung padha lungguhan bae?
Payo padha ngumpul lan ngungsi menyang ing kutha kang santosa
lan lebur ana ing kono!
Awit Sang Yehuwah, Gusti Allah kita, nglebur kita,
maringi omben-omben racun marang kita,
sabab kita wus gawe dosa ana ing ngarsane.
15 Kita ngarep-arep kantentreman,
nanging ora ketekan sawiji-wijia kang becik,
ngarep-arep waras, nanging kang ana mung pagiris.
16 “Bekere jaraning mungsuh keprungu saka ing Dhan,
saindenging nagara padha gumeter dening bengingehing jarane lanang.
Tekane ngentekake nagara saisine,
kutha dalah wong saisine padha dipangan.
17 Lah delengen, Ingsun ngeculake ula bedhudhak ana ing satengahira
kang ora bisa dijapani,
lan bakal nyakot sira, -- mangkono pangandikane Sang Yehuwah.” --

Panangis tumrap Yehuda lan Yerusalem

8:18--9:11

18 Ora bisa mari kasusahan kang tumempuh marang aku,
atiku lara banget.
19 Rungokna, panguwuhe putrining bangsaku njaluk tulung saka ing nagara adoh:
“Sang Yehuwah apa ora ana ing Sion?
Apa ing kono ora ana Rajane?”
Yagene padha nuwuhake gerahing panggalihingSun kalawan reca-recane
lan dewa-dewa saka tanah liya kang ora ana gunane?
20 Mangsane panen wus kliwat,
mangsa katiga wus kepungkur,
ewadene kita meksa durung diluwari!
21 Atiku rempu, amarga tatune putrining bangsaku,
aku nandhang susah,
aku ketaman ing pagiris.
22 Apa ing Gilead ora ana boreh?
Apa ing kana ora ana dhukun?
Geneya tatune putrining bangsaku durung mari?

9 1 Saupama sirahku kebak banyu,
lan mripatku dadi sumbering luh,
mesthi rina-wengi anggonku nangisi
patine para bocahe wadon bangsaku.
2 Saupama aku duwe pamondhokan ana ing ara-ara samun,
kanggo wong kang lagi lelana,

aku mesthi bakal lunga sumingkir ninggal
bangsaku!
Awit iku kabeh wong kang laku jina,
golonganing wong kang ora setya.
3 Iku padha menthang ilate kaya gandhewa
piala lan dudu kabeneran, kang misesani
nagara.
Sanyata, kebacut-bacut anggone padha
nglakoni piala,
nanging padha ora wanuh marang Sang
Yehuwah.
4 Becike saben wong ngawekanana kancane,
lan aja ngandel marang sadhengaha
sadulur,
amarga kabeh sadulur dadi juru apus
lan saben kanca mlaku mrana-mrene
gawene mitenah.
5 Kang siji ngapusi sijine,
lan ora ana wong siji-sijia kang tembunge
bener,
padha ngulinakake ilate ngucap goroh,
padha nindakake kaluputan lan emoh
mratobat.
6 Panganiaya matumpa-tumpa,
para cidra tumpuk-undhung!
Padha ora gelem wanuh marang Sang
Yehuwah.
7 Mulane mangkene pangandikane Sang
Yehuwah,
Gustining kang sarwa dumadi:
“Lah Ingsun karsa nglebur lan neter bangsa
iki,
jer apa maneh ta kang bisa Suntandukake

tumrap anake wadon umatingSun?
8 Ilate iku panah kang memateni,
tembung kang kawetu saka ing cangkeme iku apus,
pangucape marang kancane: tentrem,
nanging ing sajroning batine isi pangincim-incim.
9 Apa Ingsun ora bakal ndhawahake paukuman
marang wong-wong iku, marga saka iki kabeh?
Apa Ingsun ora bakal males ukum marang bangsa kang kaya mangkene iki?,
-- mangkono pangandikane Sang Yehuwah. --
10 Nangisa lan sesambata marga saka gunung-gunung,
lan nangisa marga saka pasuketan ing ara-ara samun,
awitdene wus suwung kabeh,
nganti ora ana kang ngambah,
lan ora keprungu maneh swaraning raja-kaya,
dadia manuk ing awang-awang,
dadia sato kewan wus padha lumayu kabeh, wis ora ana.
11 Ingsun bakal damel Yerusalem dadi jugrugan
papan pandhelikaning asu ajag.
Ingsun bakal damel kutha-kutha Yehuda dadi sepi mamring,
ora ana kang manggon maneh.”

Diancam klawan karusakan lan pambuwangan

9:12-22

12 Endi wong kang wicaksana, kang
nganti bisa ngreti bab iki, wong kang
nampani pangandika saka lesaning Sang
Yehuwah, supaya bisa mratelakakake iku?
Apa sababe tanah iki rusak, suwung kaya
ara-ara samun, nganti ora ana wong kang
ngambah? 13 Pangandikane Sang Yehuwah
mangkene: "Sarehne wong iku wus padha
nglirwakake Angger-anggeringSun, kang
wus Sunparingake, sarta ora ngrungokake
marang swaraningSun lan ora nurut marang
iku, 14 nanging padha nuruti apa sakareping
atine, apadene manut marang para Baal kaya
kang diwulangake para leluhure, 15 mulane
pangandikane Sang Yehuwah, Gustining kang
sarwa dumadi, Gusti Allahe Israel mangkene:
Lah Ingsun bakal makani butrawali marang
bangsa iki lan Sunombeni racun. 16 Ingsun
bakal nyebar wong iki ana ing tengahe para
umat kang ora ditepungi dening wong-wong
iku lan para leluhure lan Ingsun bakal
nglepasake pedhang kang ngoyak wong-wong
iku, nganti wus padha Sunsirnakake."

17 Padha gatekna! Ngundangana para juru
tangis wadon, supaya padha mrene,
lan kongkonana, supaya para wong wadon
kang limpad, padha mrene!
18 Kareben padha enggal teka

lan padha nangisi kita,
supaya mripat kita metokake luh,
lan suluhan kita akembeng banyu!
19 Amarga ing Sion keprungu tangis:
Adhuh padha mati aku!
Aku padha banget diwirangake!
Amarga aku kudu padha ninggal nagara iki,
dene omah-omahku padha dibrukakake.
20 He para wong wadon, rungokna pangandikane Sang Yehuwah,
padha nilingna dhawuhing lesane;
anak-anakmu wadon padha wulangen tangisan
lan sadhengah wong wadon mulangna kidung pasambat marang kancane:
21 “Adhuh, si pati wus nlusup ing cendhela-cendhela kita,
kedhaton kita wus padha dileboni,
bocah-bocah ing lurung-lurung padha disirnakake,
samono uga para nom-noman kang ana ing alun-alun.
22 Mayite wong-wong padha kleleran
kaya rabuk ana ing pategalan,
kaya bentelan gandum ing saburining wong kang padha ngeneni,
lan ora ana kang nglumpukake.”

Wanuh marang Gusti Allah iku kabegjaning manungsa

9:23-26

23 Pangandikane Sang Yehuwah mangkene:

“Wong kang wicaksana aja ngendel-
endelake kawicaksanane,
wong rosa aja mamerake karosane,
wong sugih aja ngegung-egungake
kasugihane;
24 nanging sing sapa arep ngegungake,
ngegungna kang mangkene:
manawa dheweke ngreti lan wanuh
marang Ingsun,
manawa Ingsun iki Sang Yehuwah,
kang nedahake kadarman,
kaadilan lan kabeneran ana ing bumi;
sanyata, iku kang ndadekake keparenging
galihingSun,”
mangkono pangandikane Sang Yehuwah.
25 Dhawuh pangandikane Sang Yehuwah
mangkene: “Lah bakal tumeka ing wektune
anggoningSun maringi paukuman marang
wong kang wus tetak, nanging isih ikutan:
26 wong Mesir, wong Yehuda, wong Edom,
bani Amon, wong Moab lan sakehing wong
kang cukur rambute ing ngiringan mubeng lan
wong kang manggon ing pasamunan, amarga
sakehing bangsa ora padha tetak lan satedhak
turune Israel iya ora tetakan atine.”

Gusti Allah kang gesang lan para brahala

10:1-16

10 1 He para turune Israel!
Padha ngrungokna pangandikane Sang
Yehuwah,
kang kadhawuhake marang kowe:

2 Mangkene pangandikane Sang Yehuwah:
“Sira aja nulad tindak-tanduke para bangsa,
aja kaget dening tandha-tandha ing langit,
sanadyan para bangsa padha giris marga saka iku.
3 Kang padha dieringi para bangsa iku tanpa guna.
Brahala iku rak kayu kang ditegor ing wong ana ing alas,
kang digarap klawan tatah dening tangane tukang kayu?
4 Kang direngga-rengga klawan emas lan salaka,
lan dikukuhake sarana paku lan palu,
supaya aja moyag-mayig.
5 Brahala iku kayadene wong-wongan ing kebon timun,
ora bisa guneman,
kudu dijunjung ing wong,
amarga ora bisa lumaku.
Aja kokwedeni,
amarga brahala iku ora bisa manggawe ala
lan gawe becik iya ora bisa.”
6 Boten wonten ingkang nyameni Paduka, dhuh Yehuwah!
Paduka punika agung lan asma Paduka agung
margi Paduka punika prakosa.
7 Dhuh Rajanipun para bangsa,
sinten ingkang boten ajrih dhumateng Paduka?

Sayektos, sampun samesthinipun tiyang
ajrih dhumateng Paduka,
amargi ing antawisipun para wicaksana
panunggilanipun para bangsa,
saha ing antawisipun para ratunipun,
boten wonten ingkang nyameni Paduka!
8 Brahala iku kabeh bodho lan gemblung,
piwulange dewa iku tanpa guna,
awit iku mung kayu walaka.
9 Salaka blebekan digawa saka ing Tarsis
lan emas saka ing Ufas;
brahala iku gaweane tukang lan gaweaning
tangane kemasan.
Sandhangane jarit wungu tuwa lan wungu
nom,
kabeh gaweane para ahli.
10 Nanging Pangeran Yehuwah iku Gusti Allah
kang sejati,
Panjenengane iku Gusti Allah kang gesang,
lan Ratu kang langgeng.
Dedukane nggonjingake bumi
lan para bangsa ora bisa lestari urip karana
bebendune.
11 Sira ndhawuhana marang para wong iku
mangkene:
"Para allah kang ora nitahake langit lan
bumi
iku bakal sirna saka ing bumi
lan saka ing sangisoring langit iki."
12 Sang Yehuwah kang nitahake bumi sarana
kakiyatane,
kang njejegake bumi sarana
kawicaksanane

lan mbeber langit kanthi kalimpadane.
13 Samangsa Panjenengane ngedalake swantene,
swaraning banyu ing langit gumuruh,
Panjenengane ngumbulake mega mendhung saka poncoting bumi,
damel kilat binarung udan
lan ngwedalake angin saka ing perawatane.
14 Saben manungsa iku nyatane bodho ora ngreti apa-apa
lan saben kemasan padha wirang marga saka reca garapane.
Awitdene reca cor-corane iku apus-apus,
ora duwe nyawa.
15 Sakabehe iku tanpa guna,
garapan kang dadi wohing pamoyok,
lan kang bakal lebur samangsa kasiksa.
16 Panjenengane kang dadi pandumane Yakub ora kaya mangkono kaanane,
amarga Panjenengane kang mangun samubarang kabeh,
lan Israel iku uamt kagungane,
asmane yaiku Sang Yehuwah,
Gustining kang sarwa dumadi.

Tanah Yehuda dadi sepi mamring

10:17-25

17 He para wong kang ana ing pangepungan,
barang-barangmu gawanana saka ing nagara kene.
18 Amarga mangkene pangandikane Sang Yehuwah:

"Lah sapisan iki
Ingsun bakal mbuncang wong isining kutha iki,
lan bakal Sunrupekake, supaya padha krasa."

19 Adhuh cilaka aku, marga saka lelaraku,
tatuku ora bisa mari!
Aku nggagas: "Ah iki
kasusahan kang kudu daksandhang!"
20 Kemahku wus rusak
lan taline wus pedhot kabeh.
Anak-anakku wus padha ninggal aku,
wus ora ana maneh,
wus ora ana kang ngadegake kemahku
lan kang menthang tendhaku.
21 Sanyata, para pangon wus padha tanpa budi,
padha ora neges marang pitedahe Sang Yehuwah.
Mulane padha ora nemu begja,
lan sakehing kewan pepanthane padha pating blesar.
22 Ana warta kang keprungu, unine:
Ana pageger gedhe kang bakal teka saka ing tanah lor,
kang bakal gawe kutha-kutha ing Yehuda
padha dadi sepi mamring, dadi pandhelikane asu ajag.
23 Dhuh Sang Yehuwah, kawula mangretos,
bilih manungsa punika boten gadhah pangwaos
netepaken marginipun piyambak,

lan tiyang ingkang andon lampah boten gadhah
pangwaos netepaken jangkahipun.
24 Dhuh Sang Yehuwah, kawula mugi Paduka perdi,
nanging ing samajadipun,
sampun klayan bebendu Paduka,
supados kawula sampun ngantos Paduka sirnakaken!
25 Bebendu Paduka mugi Paduka esokaken
dhateng para bangsa ingkang boten tepang kaliyan Paduka
sarta dhateng para jinis ingkang sami boten nyebut asma Paduka,
amargi sampun sami mangsa Yakub ngantos telas
sarta padununganipun kadadosaken jugrugan.

Prasetyane Gusti Allah diselaki

11:1-17

11 1 Pangandika kang kadhawuhake
Sang Yehuwah marang Nabi Yeremia
mangkene: 2 "Rungokna surasane prasetyan
iki lan iku dhawuhna marang wong Yehuda
lan saisine kutha Yerusalem! 3 Dhawuhna
marang wong iku: Mangkene pangandikane
Sang Yehuwah, Gusti Allahe Israel: Kenaa
ing ipat-ipat wong kang ora ngrungokake
marang surasaning prasetyan iki, 4 kang wus
Sundhawuhake marang leluhurira, nalika
Sunluwari saka ing tanah Mesir, saka ing

pawon pangleburan wesi, kanthi pangandika
mangkene: Rungokna dhawuhingSun lan
lakonana kabeh kang Sundhawuhake marang
sira, temah sira bakal dadi umatingSun lan
Ingsun dadi Allahira, 5 supaya Ingsun bisa
netepi ing supaos, kang Sundhawuhake
marang para leluhurira, manawa bakal
Sunparingi tanah kang luber powan lan madu,
kaya kang kelakon ing wektu iki.” Nuli unjuk
wangsulanku: “Mugi kelampahana makaten,
dhuh Sang Yehuwah!”
6 Pangandikane Sang Yehuwah marang
aku mangkene: “Undhangna sakehe
pangandika iki ana ing kutha-kuthane
Yehuda lan ing lurung-lurunge Yerusalem,
mangkene: Rungokna surasane prasetyan
iki sarta lakonana! 7 Amarga Ingsun wus
mawanti-wanti ngelingake marang para
leluhurira, nalika padha Sunluwari saka
ing tanah Mesir, tumeka saprene Ingsun
tansah ngelingake: Rungokna dhawuhingSun!
8 Ewadene padha emoh ngrungokake lan
nggatekake, nanging siji-sijine malah padha
nekad nuruti atine kang ala; Ingsun wus
ndhatengake sakehing surasane prasetyan iki,
kang wus Sundhawuhake murih ditetepana,
nanging padha ora ngestokake.”
9 Pangandikane Sang Yehuwah marang
aku: “Panunggalane wong Yehuda lan wong
isining kutha Yerusalem tinemu padha
sekuthon nglakoni ala. 10 Wong iku wus padha
mbaleni pialaning para leluhure, kang wus
padha lumuh ngrungokake dhawuhingSun.

Padha ngetutwuri allah liyane lan dibekteni.
Para turune Israel lan Yehuda wus padha
nyelaki prasetyaningSun, kang Sundamel
karo para leluhure. 11 Mulane mangkene
pangandikane Sang Yehuwah: Lah, Ingsun
bakal ndhawahake bilai marang bangsa iki,
kang ora bisa dioncati lan samangsa sesambat
marang Ingsun ora bakal Sunpidhangetake.
12 Lan sanadyan kutha-kuthane Yehuda
lan wong isine Yerusalem padha sesambat
marang allahe kang disembah sarana kurban
obaran, nanging allah iku babar pisan ora
bisa mitulungi, nalika padha tinempuh ing
bilai. 13 Amarga sapira cacahe kuthanira, iya
samono cacahe allahira, he Yehuda, lan sapira
cacahe lurung ing Yerusalem, iya samono
cacahe misbyah yeyasanira kanggo allah kang
nistha iku, misbyah-misbyah kang kanggo
kekutug marang Baal. 14 Dene sira, sira aja
ndongakake bangsa iku, amarga Ingsun ora
bakal miyarsakake, manawa ana pasambate
marang Ingsun marga saka sangsarane iku.

15 Apa gawene kekasihingSun ana ing
padalemaningSun, dheweke rak wus
nindakake rancangan-rancangane kang
ala ta?
Nadar-nadar lan daging suci
apa bisa nyingkirake bilai saka sira,
temah sira bisa bungah-bungah?
16 Sira tau sinebut dening Sang Yehuwah,
wit jaitun kang ngrembuyung, asri dinulu.
Nanging kanthi swara kang nggegirisi

Panjenengane nyuled geni ing godhong-godhonge,
temah pang-pange padha kobong.

17 Sang Yehuwah, Gustining kang sarwa
dumadi, kang damel sira tuwuh, wus netepake
bilai tumrap ing sira, jalaran saka duraka
kang dilakoni dening tedhak turune Israel lan
Yehuda kanggo gawe gerahing galihingSun
sarana anggone kekutug marang Baal.”

Wong ing Anatot padha ngarah nyawane Nabi Yeremia

11:18-23

18 Sang Yehuwah wus paring sumurup
marang aku, temah aku ngreti; ing wekdal
punika Paduka, dhuh Yehuwah, lajeng
nedahaken pandamelipun tiyang punika
dhumateng kawula.
19 Nanging kawula rumiyin
kados cempe ingkang tutut ingkang kagiring
badhe dipun pragat, kawula boten mangretos,
manawi sami sekuthon ngarah nyawa kawula,
wicantenipun: “Payo kita padha ngrusak wit
iki lan sawoh-wohe pisan! Payo iki disirnakake
saka ing tanahe wong urip, temah jenenge ora
kocap maneh.”

20 Nanging, dhuh Sang Yehuwah, Gustining kang sarwa dumados, ingkang jumeneng hakim ingkang adil,
ingkang ndadar batos lan manah,
kawula mugi nyumerepana piwales Paduka dhateng tiyang-tiyang punika,

amargi kawula sampun ngaturaken
prakawis kawula wonten ing ngarsa
Paduka.
21 Mulane mangkene pangandikane Sang
Yehuwah tumrap wong-wong ing Anatot,
kang ngarah nyawaku, kanthi celathune: “Aja
memeca demi asmane Sang Yehuwah, supaya
kowe aja nganti mati dening tanganku!”
22 Mulane mangkene pangandikane Sang
Yehuwah, Gustining kang sarwa dumadi:
“Lah, Ingsun bakal ngukum wong-wong iku:
para nom-nomane bakal padha mati dening
pedhang, anak-anake lanang lan wadon bakal
padha mati kaliren. 23 Ora ana kang lestari
urip, amarga Ingsun bakal ndhatengake bilai
marang para wong Anatot, ing taun tumibane
paukumane.”

Pasambate Nabi Yeremia lan paring wangsulane Gusti Allah

12:1-17

12 1 Dhuh Sang Yehuwah, Paduka pancen
leres, manawi kawula paben kaliyan
Paduka!
Namung kawula badhe kumedah-kedah
matur
dhumateng Paduka bab kaadilan.
Punapaa dene gesangipun tiyang duraka kok
begja,
lan sadaya tiyang ingkang boten setya
sami manggih kasantosan?
2 Paduka tuwuhaken ngantos sami ngoyod,

gesangipun ngrembaka lan ngedalaken
woh ugi.
Asma Paduka dipun ucapaken ing
lambenipun,
nanging batosipun tebih saking Paduka.
3 Dhuh Yehuwah, Paduka tepang lan
nguningani kawula,
lan Paduka ndadar kadospundi sungkem
kawula dhumateng Paduka.
Tiyang punika mugi Paduka gered medal
kados menda-menda pragatan,
lan mugi Paduka pijekaken kangge ing
dinten pemragatan.
4 Ngantos pinten dangunipun malih nagari
punika dados garing,
lan rumput ing ara-ara sadaya sami alum?
Margi saking durakanipun ingkang sami
manggen ing ngriku
sato kewan saha peksi-peksi sami tumpes
sirna,
awit pangintenipun: "Dheweke ora bakal
meruhi tindak-tanduk kita!"
5 "Manawa sira wus lumayu mbarengi wong
mlaku dharat,
kang marakake sayahira,
kapriye bisanira balapan karo jaran?
Manawa ana ing tanah kang tentrem,
sira ora rumangsa ayem,
kapriye bakal polahira ana ing grumbulan
ing sapinggire bengawan Yarden?
6 Amarga sadulur-sadulurira lan
kulawangsanira
iku wus padha nyidrani sira:

iku uga bebarengan ana ing burinira.
Aja padha sira andel, sanadyan tembunge
manis marang sira.
7 Ingsun wus nilar padalemaningSun,
nagara kagunganingSun wus Sunbucal,
gantilaning galihingSun wus Sunpasrahake
marang mungsuhe.
8 Nagara kagunganingSun wus dadi kaya
singa ing alas tumrap Ingsun.
Dheweke nyenggrang Ingsun,
mulane Sunsengiti.
9 Nagara kagunganingSun wus dadi
kaya manuk belang tumrap Ingsun;
manuk galak padha ngrubung.
Payo, sakehing kewan ing ara-ara padha
klumpukna,
giringen mrene kareben ngentekake iku!
10 Akeh pangon kang wus padha ngrusak
kebon angguringSun,
ngicak-icak palemahan kang Sunremeni
didadekake ara-ara kang sepi samun.
11 Pancen mangkono, tanahe wus kadadekake
sepi samun,
sepi sepen nyedhihake ana ing
ngarsaningSun.
Saindenging nagara iku sepi mamring,
nanging ora ana wong kang nggatekake.
12 Para pangrusak wus padha teka
ngliwati tengger gundhul ing ara-ara
samun,
amarga pedhange Sang Yehuwah ngamuk
memangsa,

saka poncoting nagara kang siji tekan ing poncot sijine
ora ana katentreman tumrap sabarang kang urip.
13 Wong wus padha nyebar gandum, nanging eri bebondhotan kang dieneni,
anggone nggarap gawe kanthi rekasa,
mung bae ora ana pituwase,
padha nandhang wirang marga saka oleh-olehaning penggawene,
wohing bebendune Sang Yehuwah kang mulad-mulad."
14 Mangkene pangandikane Sang Yehuwah:
"Mungguh para tangganingSun kang dursila,
kang wus ngrusuhi nagara, kang wus
Sunparingake dadi tanah pusaka marang
umatingSun Israel, lah dheweke bakal
padha Sunbethot saka ing tanahe sarta
turune Yehuda bakal Sunbethot saka ing
antarane wong-wong mau. 15 Nanging sawuse
Sunbethot, bakal Suntresnani maneh, Ingsun
bakal ngulihake siji-sijine menyang ing
tanah pusakane lan nagarane dhewe-dhewe.
16 Dene manawa padha sinau carane uripe
umatingSun lan banjur ngucapake supata
atas asmaningSun: Demi asmane Sang
Yehuwah kang gesang, kaya nalikane padha
mulang umatingSun supata demi Baal, bangsa
iku bakal Sunbangun ana ing antaraning
umatingSun. 17 Nanging manawa padha lumuh
ngrungokake, Ingsun mesthi bakal mbethot
lan numpes bangsa kang kaya mangkono iku.
Mangkono pangandikane Sang Yehuwah."

Sabuk kang mbebret

13:1-11

13 [1] Mangkene pangandikane Sang
Yehuwah marang aku: "Lungaa tuku
sabuk lena, sarta ubedna ing lambungira,
nanging aja sira celup ing banyu!" [2] Aku tumuli
tuku sabuk kaya dhawuhe Sang Yehuwah
sarta dakubedake ing lambungku. [3] Sawuse
mangkono Sang Yehuwah ndhawuhake
maneh: [4] "Sabuk anggonira tuku lan kang
sira anggo iku uculana! Menyanga ing
bengawan Efrat sabuk iku umpetna ana
ing lowahaning parang." [5] Aku tumuli lunga
lan ngumpetake sabuk mau kaya dhawuhe
Sang Yehuwah marang aku. [6] Sawuse
sawatara mangsa Sang Yehuwah ngandika
marang aku: "Enggal lungaa menyang ing
bengawan Efrat, sabuk kang Sundhawuhake
ngumpetake kae jupuken!" [7] Aku nuli
mangkat menyang bengawan Efrat, banjur
ndhudhuk lan njupuk sabuk iku saka papane
anggonku ngumpetake, nanging jebul iku wus
mbebret, ora ana gunane kanggo apa-apa.
[8] Ing kono pangandikane Sang Yehuwah
marang aku: [9] "Mangkene anggoningSun
bakal nyirnakake digang-digunge Yehuda
lan Yerusalem. [10] Bangsa kang ala iki, kang
lumuh ngrungokake pangandikaningSun,
kang mung nuruti tekading atine, ngetutwuri
allah liyane lan ngabekti sarta sujud marang
iku, bangsa iku bakal kaya sabuk kang

wus ora ana gunane kanggo apa-apa iki.
11 Amarga kayadene sabuk kang rumaket ing
lambunge wong, iya kaya mangkono maune
anggoningSun ngraketake turune Yehuda lan
Israel kabeh marang Ingsun, supaya bangsa
iki dadia umatingSun kang misuwur, pinuji lan
mulya kagem Ingsun. Nanging padha lumuh
ngrungokake dhawuhingSun." Mangkono
pangandikane Sang Yehuwah.

Guci anggur kang dikepruk

13:12-14

12 "Pangandika iki dhawuhna marang
wong-wong iku: Pangandikane Sang Yehuwah,
Gusti Allahe Israel mangkene: Saben guci
kudu dikebaki anggur! Lan yen wong iku
padha mangsuli: Kula rak sampun sami
ngretos, yen saben guci kedah dipun kebaki
anggur? 13 Ing kono sira dhawuhana maneh:
Mangkene pangandikane Sang Yehuwah: Lah,
sakehing wong ing nagara iki dalah para raja
kang lungguh ing dhampare Dawud, para
imam lan para nabi, apadene sakehe wong ing
kutha Yerusalem bakal Sunendemi, 14 tuwin
bakal Sunadukumba nganti remuk; para bapa
karo anak-anake, -- mangkono pangandikane
Sang Yehuwah. -- Ingsun bakal nyirnakake
wong-wong iku, ora Sunwelasi, ora Suneman
lan ora Sunapura."

Pepeling lan pangancam

13:15-27

15 Mara rungokna, nilingna, aja gumunggung,
amarga Sang Yehuwah wus ngandika.
16 Sang Yehuwah, Gusti Allahmu iku luhurna,
sadurunge Panjenengane ndadosake dina
dadi peteng,
sadurunge sikilmu kesandhung ana ing
gunung-gunung,
ing wanci repet-repet,
ing sajrone kowe ngarep-arep padhang,
nanging Panjenengane ndadosake padhang
dadi peteng banget,
dadi peteng ndhedhet.
17 Manawa kowe padha lumuh ngrungokake,
aku bakal nangis ana ing pasingidan marga
saka gumunggungmu,
luhku bakal kembeng-kembeng,
malah nganti crocosan,
jalaran pepanthaning wedhuse Sang
Yehuwah
digiring dadi boyongan.
18 Sira matura marang Sang Prabu lan Sang
Prameswari Ibu mangkene:
“Kawula aturi lenggah ing papan ingkang
andhap piyambak,
amargi makuthaning kaluhuran paduka
sampun rentah saking mastaka paduka!”
19 Kitha-kitha ing Tanah Negeb sampun dipun
inebaken gapuranipun,

lan boten wonten tiyang satunggal-
tunggala ingkang ngengakaken.
Yehuda sampun kabucal sadaya
kabandhang dhateng pambucalan sadaya.
20 He Yerusalem, awasna lan sawangen
ana wong kang padha teka saka lor!
Ana ing ngendi pepanthan kewan kang
diwenehake marang kowe,
sarta wedhus-wedhus kang dadi
kaluhuranmu?
21 Kapriye kandhamu, samangsa wong-wong
kang kokanggep dadi dhemenanmu,
dijunjung dadi panggedhemu?
Apa kowe ora katrajang lara
kaya pasambate wong wadon kang lagi
nglarani?
22 Lan samangsa ana pitakon kang tuwuh
ana ing atimu:
"Yagene aku kataman kang kaya
mangkene iki kabeh?"
Amarga saka gedhening durakamu,
mulane poncoting tapihmu dibiyak lan
kowe dirodapeksa!
23 Wong Etiopia apa bisa salin warna.
utawa macan tutul apa bisa ngowahi
tutule?
He wong kang wus kepatuh gawe dosa,
apa kowe bisa tumindak becik?
24 Ingsun bakal ngabul-abul sira kaya
mrambut,
kang kabur ing angin ana ing ara-ara
samun.
25 Yaiku kang dadi nasibira, pandumanira,

kang wus Suntimbang tumrap sira,
-- mangkono pangandikane Sang Yehuwah, --
amarga sira lali marang Ingsun
lan mituhu marang dora-cara.
26 Dene Ingsun uga bakal nyilakake poncoting
tapihira nganti tekan rainira,
temah katon kawiranganira.
27 Anggonira laku jina lan pangringikira,
pamblunthahira kang rusuh
ana ing gunung-gunung lan ing ara-ara,
Ingsun wus nguningani polah-tingkahira kang nistha iku.
He Yerusalem, cilaka sira iku,
nganti pira suwene maneh anggonira dadi suci?

Bab mangsa ngerak

14:1--15:4

14 1 Pangandikane Sang Yehuwah marang Nabi Yeremia bab mangsa ngerak.
2 Yehuda ngrudatin,
gapurane padha ambruk,
lan katon memelas njepaplang ana ing lemah;
pasambate Yerusalem muluk mandhuwur.
3 Para panggedhene padha utusan abdi-abdine golek banyu,
padha tekan ing sumur-sumur,
nanging ora oleh banyu,
satemah padha bali kalawan kendhi-kendhi kang isih kothong.

Padha isin, polatane kucem,
temah sirahe dikudhungi.
4 Pagawean ing pategalan wus kandheg,
amarga ora ana udan ing nagara,
satemah wong tani padha kegelan lan
sirahe dikudhungi.
5 Malah ana menjangan ing ara-ara
kang ninggal lunga anake kang lagi lair,
awit ora ana suket nom.
6 Kuldi alasan padha ngadeg ana ing
tengger-tengger gundhul,
mangap-mangap kaya asu ajag,
matane nglentrih, amarga ora ana suket.
7 "Dhuh Sang Yehuwah, sanadyan duraka
kawula
sadaya sami nggigat kawula,
mugi Paduka karsaa paring pambiyantu
dhumateng kawula,
margi saking asma Paduka!
Awit kathah panasar kawula,
kawula sami damel dosa wonten ing
ngarsa Paduka.
8 Dhuh Andel-andelipun Israel,
Juru-pitulung ing wekdal karibedan!
Punapaa dene Paduka kados tiyang
ngamanca
wonten ing nagari ngriki?
kados tiyang lelana ingkang namung mampir
badhe sipeng kemawon?
9 Punapaa dene Paduka kados tiyang
bingung,
kadosdene pahlawan ingkang boten sagah
mitulungi?

Nanging Paduka rak wonten ing tengah-
tengah kawula,
dhuh Sang Yehuwah, lan asma Paduka
sinebat ing nginggil kawula.
Kawula mugi sampun ngantos Paduka
tegakaken!”
10 Mangkene pangandikane Sang Yehuwah
tumrap bangsa iki: “Wong iku padha seneng
nglembara lan ora ngampah sikile. Mulane
ora ndadekake keparenge Sang Yehuwah,
nanging samengko Panjenengane karsa
ngengeti durakane lan arep ngukum dosane.”
11 Sang Yehuwah ngandika marang aku:
“Sira aja ndedonga amrih becike bangsa iki!
12 Sanadyan padha puwasa Ingsun ora bakal
miyarsakake; sanadyan padha ngaturake
kurban obaran lan kurban dhaharan, Ingsun
ora bakal karenan marang bangsa iki, nanging
Ingsun bakal numpes bangsa iki kalawan
pedhang, pailan lan pageblug.”
13 Aku banjur munjuk: “Dhuh Pangeran
Yehuwah! Para nabi rak sampun nyariyosi
dhateng tiyang-tiyang punika: Sira ora bakal
padha ngalami perang lan ora bakal katempuh
ing pailan, nanging sira bakal Sunparingi
tentrem rahayu, kang santosa ana ing kene!”
14 Paring wangsulane Sang Yehuwah marang
aku: “Para nabi iku padha meca goroh atas
asmaningSun! Ingsun ora ngutus lan paring
dhawuh sarta ora paring pangandika marang
para wong iku. Wong iku padha nglairake
wangsit goroh, pamecane kang kothong
lan akal culikaning atine dhewe. 15 Mulane

pangandikane Sang Yehuwah tumrap para
nabi kang padha meca demi asmaningSun,
-- mangka Ingsun ora ngutus wong-wong
iku, lan kang kandha: Ing kene ora bakal
ketekan perang lan pailan -- : Para nabi iku
dhewe kang bakal tumpes dening perang lan
pailan! 16 Lan bangsa kang padha diwecani
iku bakal padha mati gelangsaran ana ing
lurung-lurunge Yerusalem marga saka perang
lan pailan, lan ora ana wong kang bakal
mendhem wong-wong iku: iya wong-wong iku
dhewe, bojone sarta anak-anake lanang lan
wadon. Kaya mangkono anggoningSun bakal
nempuhake pialane marang wong-wong iku."

17 Kandhakna tembung iki marang
wong-wong iku:
"Luhku crocosan
rina-wengi tanpa kendhat,
awit kenya, putrining bangsaku, kataton
banget,
tatune ora bisa ditambani babar pisan.
18 Manawa aku metu menyang ing ara-ara
ing kana ana wong kang padha mati,
marga diprajaya ing pedhang!
Manawa aku lumebu ing kutha
ing kana ana wong kang padha lara
kaliren!
Dalah nabi lan imam
padha nglambrang ana ing nagara kang
ora disumurupi."
19 Yehuda punapa Paduka tampik babar
pisan?

Panggalih Paduka punapa jeleh dhateng Sion?
Punapaa dene kawula sami Paduka gebagi
ngantos boten saged mantun babar pisan?
Kawula sami ngajeng-ajeng tentrem rahayu,
nanging boten wonten punapa-punapa ingkang sae,
ngantos-antos kasarasan,
nanging ingkang wonten namung pagiris.
20 Dhuh Sang Yehuwah, kawula sami ngrumaosi kadursilan kawula
lan durakanipun leluhur kawula;
sayektos, kawula damel dosa dhumateng Paduka.
21 Paduka mugi sampun nampik kawula sadaya, amargi saking asma Paduka,
sampun ngantos nyepelekaken kaluhuranipun dhampar Paduka.
Mugi ngengetana dhateng prasetyan Paduka
kaliyan kawula sadaya, sampun Paduka batalaken!
22 Saking panunggilanipun para dewaning para bangsa,
ingkang tanpa gina punika,
punapa wonten ingkang saged ndhawahaken jawah?
Punapa langit piyambak saged nyukani jawah deres?
Rak namung Paduka piyambak, dhuh Sang Yehuwah,
Allah kawula, Andel-andel kawula ingkang nindakaken prakawis punika sadaya?

15 [1] Sang Yehuwah ngandika marang
aku: “Sanadyan Musa lan Samuel
seba ana ing ngarsaningSun, galihingSun
ora bakal bali maneh marang bangsa iku.
Tundhungen saka ngarsaningSun kareben
lunga! [2] Lan saupama padha takon marang
sira: Kula sami kadhawuhan kesah dhateng
pundi? wangsulana mangkene: Mangkene
pangandikane Sang Yehuwah:

Sing marang pati, maranga ing pati!
Sing marang pedhang, maranga ing pedhang!
Sing marang pailan, maranga ing pailan!
Sing menyang tawanan, menyanga ing tawanan!

[3] Ingsun bakal ndhatengake paukuman
patang warna, -- mangkono pangandikane
Sang Yehuwah --: pedhang kang memateni,
asu-asu kang ngeret-eret, manuk-manuk
ing awang-awang lan kewan-kewan ing
bumi, kang padha mangsa lan ngrusak.
[4] Kanthi patrap mangkono wong iku bakal
padha Sundamel pangewan-ewan tumrap
sakehing karajan ing donya, jalaran saka
panggawene Manasye bin Hizkia, ratu Yehuda,
ing Yerusalem.”

Pagiris kang tuwuh marga dening peperangan

15:5-9

[5] “He Yerusalem, sapa kang bakal duwe welas marang sira,

lan sapa kang bakal bela sungkawa
marang sira?
Sapa kang bakal ngampiri nakokake
mungguh ing kaslametanira?
6 Sira dhewe wus nampik Ingsun, --
mangkono pangandikane Sang Yehuwah
--,
sarta wus lunga nyingkur Ingsun.
Mulane Ingsun ngayatake astaningSun lan
numpes sira;
Ingsun wus kesel anggoningSun ngraosake
piduwung.
7 Ingsun napeni wong-wong iku kalawan
tampah
ana ing kutha-kuthaning nagara.
Ingsun wus ndadekake umatingSun padha
kelangan anak lan padha Suntumpes,
amarga ora padha mratobat saka polah
tingkahe.
8 Randha-randhane wus Sundadekake akeh
ngluwihi
cacahe wedhining sagara.
Ingsun ndhatengake juru pangrusak tumrap
para biyung
lan nom-nomane ing wayah awan.
Kanthi dadakan Sundhawahi pagiris lan
horeg.
9 Wong wadon kang wus manak kaping pitu
katon nglayung, napase sesek,
tumrap dheweke srengenge wus surup
sanadyan ing wayah awan,
sarta nandhang wirang isin.

Kekarene bakal Sunulungake marang
pedhang ana ing ngareping mungsuhe.
Mangkono pangandikane Sang Yehuwah.”

Tarunge Nabi Yeremia

15:10-21

10 Cilaka kula punika, dhuh ibu, dene
panjenengan nglairaken kula,
tiyang ingkang dados wijining paben
lan garejegan tumrap tiyang sanagari.
Kula sanes tiyang ingkang nyambutaken
utawi tiyang ingkang nyambut dhateng
sinten-sintena,
nanging sadaya sami nyupaosi kula.
11 Saestu, dhuh Sang Yehuwah, kawula
sampun ngladosi Paduka kalayan
tumemen sanget,
lan sampun mbelani mengsah wonten ing
ngarsa Paduka
ing wekdal nandhang bilai lan karupekan!
12 Apa wong bisa mutung wesi, wesi saka ing
tanah lor lan tembaga?
13 “Kasugihan lan rajabrananira
bakal Sunulungake dadi rayahan,
minangka ganjaran tumrap sakehing
dosanira
ana ing saindenging tlatahira.
14 Sira bakal Sundadekake kawulane
mungsuhira,
ana ing nagara kang ora sira sumurupi,
amarga bebenduningSun wus metokake
geni,

kang mulad-mulad ngenani sira.”
15 Dhuh Sang Yehuwah, Paduka sampun nguningani bab punika,
mugi ngengetana lan nggaliha dhumateng kawula;
Paduka mugi karsaa malesaken kawula
tumrap tiyang ingkang sami mbujeng kawula.
Sampun ngantos Paduka kendelaken kawula dipun pendhet,
amargi agenging kasabaran Paduka,
mugi Paduka uningani, bilih anggen kawula cinampahan punika margi saking Paduka.
16 Samangsa kawula pinanggih kaliyan sabda pangandika Paduka,
lajeng kawula raosaken nikmatipun;
pangandika Paduka punika dados kabingahan kawula
saha nyenengaken manah kawula,
amargi asma Paduka sinebut tumrap kawula,
dhuh Sang Yehuwah, Gustinipun ingkang sarwa dumados.
17 Kawula boten nate jejagongan tumut seneng-seneng
kaliyan para tiyang ingkang sami gegujengan,
amargi kawula kapetel dening asta Paduka,
kawula lajeng linggih piyambakan
awit Paduka sampun ngebaki nepsu manah kawula.
18 Punapaa dene reribed kawula boten telas-telas

lan tatu kawula awrat sanget,
ngantos angel dipun jampeni?
Saestu Paduka punika dados lepen ingkang ngapirani,
toyanipun boten kenging dipun jagekaken.
19 Mulane paring wangsulane Sang Yehuwah mangkene:
“Manawa sira gelem mratobat,
Ingsun bakal mbalekakake sira ngadhep ana ing ngarsaningSun maneh,
lan manawa sira ngucapake apa kang aji sarta ora asor,
sira bakal dadi lesaningSun.
Sanadyan wong iku padha bali marani sira,
nanging sira ora prelu bali marang wong iku.
20 Ingsun bakal ndadekakake sira dadi balowarti tembaga
kang santosa tumrap bangsa iki;
wong iku bakal padha merangi sira,
nanging ora bisa menang,
amarga Ingsun nganthi sira,
sira Sunslametake lan Sunluwari. --
Mangkono pangandikane Sang Yehuwah. --
21 Ingsun bakal ngluwari sira saka tangane wong duraka,
lan ngrebat sira saka ing cengkeremane para wong kang ambeksiya.”

Paukumane Gusti Allah marang bangsa iku

16:1-21

16 [1] Pangandikane Sang Yehuwah marang
aku mangkene: [2] "Sira aja ngepek bojo
lan aja duwe anak lanang utawa wadon ana
ing panggonan kene. [3] Amarga, -- mangkono
pangandikane Sang Yehuwah tumrap anak
lanang lan wadon kang lair ana ing panggonan
kene, lan tumrap biyung-biyunge kang
nglairake bocah-bocah iku lan bapak-bapakne
kang nganakake bocah-bocah iku ana ing
nagara kene --: [4] Wong iku bakal padha mati,
amarga lelara-lelara kang marakake mati, ora
bakal padha dilayad lan ora bakal dikubur,
bakal padha dadi rabuk ana ing pategalan,
bakal padha tumpes dening pedhang lan
pailan, mayite bakal padha dadi pakaning
manuk-manuk ing awang-awang lan sato
kewan ing bumi.

[5] Dene, mangkene pangandikane Sang
Yehuwah: Aja lumebu ing omahe wong
kang kasripahan, lan aja urun tangis sarta
belasungkawa, amarga Ingsun wus mundhut
tentrem rahayune bangsa iki, kang wus
Sunparingake, -- mangkono pangandikane
Sang Yehuwah -, lan uga sih kadarman lan
sih-piwelasingSun. [6] Para wong gedhe lan
wong cilik ing tanah kene bakal padha mati;
ora dikubur, ora ana kang nglayad utawa
kang mbeleki kulite lan kang nggundhuli

sirahe, marga saka kang mati mau, 7 uga
ora ana kang nyuwil-nyuwil roti palayadan
kagawe nglipur wong kang kepaten. Malah
ora ana kang ngulungi tuwung panglipur
marang dheweke, marga kepaten bapa
utawa biyunge. 8 Aja lumebu ing omahe
wong ropyan-ropyan sumedya njagongi,
melu mangan lan ngombe karo wong
iku. 9 Awit Sang Yehuwah, Gustining kang
sarwa dumadi, Gusti Allahe Israel, ngandika
mangkene: "Lah ana ing panggonan kene,
ana ngareping mripatira lan ing jamanira,
Ingsun bakal ngandhegake sabawaning wong
bungah-bungah lan suka-parisuka, apadene
sabawaning penganten lanang lan wadon.
10 Samangsa sira ndhawuhake iki mau kabeh
marang bangsa iki lan banjur padha takon
marang sira mangkene: Punapa sababipun
dene Sang Yehuwah kok ndhawuhaken bilai
ingkang ageng punika tumrap kula sadaya?
Punapa kalepatan kula lan dosa punapa
ingkang kula lampahi wonten ing ngarsanipun
Sang Yehuwah, Gusti Allah kula?, 11 ing
kono padha sira dhawuhana mangkene:
Amarga para leluhurira wus padha nyingkur
Ingsun, lan wus padha ngetutwuri allah
liyane klawan ngibadah lan sujud nyembah
marang iku, wus padha nyingkur marang
Ingsun lan ora netepi angger-anggeringSun,
-- mangkono pangandikane Sang Yehuwah
--. 12 Lan sira dhewe wus padha nglakoni
kang alane ngluwihi leluhurira! Lah sira wus
nuruti tekade atinira kang ala, sarta ora

ngrungokake dhawuhingSun. 13 Mulane Ingsun
bakal mbuwang sira saka ing nagara iki
menyang ing nagara, kang ora sira sumurupi
lan iya durung disumurupi leluhurira. Ana ing
kana sira bakal ngabekti marang allah liyane
rina-wengi, amarga Ingsun ora bakal paring
sih-piwelas marang sira maneh.
14 Mulane lah bakal tumeka ing wektune wus
ora ana tembung mangkene maneh: Demi
Sang Yehuwah agesang, kang ngentasake
wong Israel saka ing tanah Mesir, -- mangkono
pangandikane Sang Yehuwah --, 15 nanging
kasalinan: Demi Sang Yehuwah agesang, kang
nganthi bangsa Israel metu saka ing tanah
lor lan saka ing sakehing nagara, ing ngendi
tibane anggone Sang Yehuwah mbuyarake,
marga bakal Sunulihake menyang ing tanah,
kang Sunparingake marang para leluhure.
16 Lah Ingsun bakal nimbali juru amek
iwak akeh, -- mangkono pangandikane Sang
Yehuwah --, kang bakal nyekeli wong iku.
Sawuse iku Ingsun ndhawuhi grema akeh
kang mbujung wong iku saka ing sakehe
gunung-gunung lan tengger-tengger sarta
saka ing lowah-lowahing parang. 17 Amarga
Ingsun wus nguningani polah-tingkahe
kabeh; iku kabeh Ingsun ora kesamaran
lan dosane ora kaling-kalingan ana ing
paningalingSun. 18 Mulane kaluputan lan
dosane bakal Sunukum tikel loro, amarga
padha njemberake nagaraningSun klawan
bangke-bangkening para dewa, kang ngregedi

lan ngebaki tanahingSun klawan pokale kang rusuh.”

19 Dhuh Sang Yehuwah, Paduka punika
karosan lan beteng kawula,
pangungsen kawula ing dinten karibedan!
Para bangsa saking poncoting bumi
sami badhe sowan ing ngarsa Paduka
lan munjuk makaten:
“Sayektos, leluhur kawula punika namung
ndarbeni dewaning para cidra,
dewa ingkang tanpa paedah,
ingkang satunggal kemawon boten wonten
ingkang migunani.
20 Punapa manungsa saged damel allah
kangge badanipun piyambak?
Ingkang kados makaten punika rak sanes
allah!”
21 “Mulane kawruhana, Ingsun bakal paring
sumurup marang para wong iku,
sapisan iki Ingsun bakal paring sumurup bab
panguwaos
lan kasantosaningSun marang para wong
iku,
supaya padha ngretia, yen asmaningSun
Sang Yehuwah.”

Perange batin Nabi Yeremia marga bangsa kang nglakoni dosa

17:1-18

17 1 “Dosane Yehuda iku wus tinulisan
kalawan pen wesi, kang lancipe inten,
ingukir ana ing papaning atine

lan ana ing sungu-sunguning misbyahe
2 minangka pepeling tumrap para wong iku!
-- Misbyah-misbyahe lan sesakaning brahalane
pancen ana ing sandhinging wit kang nggrembel,
ana ing tengger kang dhuwur,
3 yaiku ing pagunungan ing ara-ara. --
Kasugihan lan sakehing raja-brananira
bakal Sunparingake dadi rayahan
minangka piwales tumrap ing dosanira
ana ing saindenging tlatahira.
4 Sira bakal kelangan tanah-pusakanira
kang wus Sunparingake marang sira
lan Ingsun bakal ndadekake sira dadi bature mungsuhira
ana ing nagara kang durung sira sumurupi,
amarga ing sajroning bebenduningSun
genine wus murub
kang bakal mulad-mulad ing salawase.”
5 Mangkene pangandikane Sang Yehuwah:
“Kenaa ing ipat-ipat wong kang ngandelake marang manungsa lan karosane dhewe,
sarta kang atine ngadoh saka Sang Yehuwah!
6 Dheweke bakal kaya rerungkudan brindhil
ing ara-ara samun,
ora bakal ngrasakake tekaning kaanan kang becik;
bakal manggon ing tanah garing ing pasamunan,
ing tanah asin kang suwung.

7 Binerkahan wong kang kumandel marang
Sang Yehuwah,
lan pangarep-arepe marang Sang
Yehuwah!
8 Dheweke bakal kaya wit kang tinandur ana
ing pinggiring banyu,
kang oyod-oyode mrambat ing pinggiring
kali,
lan kang ora ngalami tekane panas
sumelet,
godhonge ajeg ijo,
ora samar ing mangsa ngerak lan tanpa
kendhat metokake woh.
9 Ati iku culika banget,
luwih culika katimbang apa bae,
atine wis kaya watu:
sapa kang bisa nyumurupi kaanane?
10 Ingsun, Yehuwah, kang niti-priksa ati,
kang ndadar batining manungsa,
lan banjur males marang saben wong,
kang timbang karo polah-tingkahe, lan
wohing panggawene."
11 Kayadene ayam-alas kang ngengremi dudu
endhoge,
mangkono kaanane wong kang ngeruk
bandha,
kanthi patrap kang ora kalal;
nalika nedheng-nedhenge umure,
bakal koncatan sakabehe,
temah ing wekasaning umure
kesuwur dadi wong gemblung.
12 Dhuh Dhamparing kamulyan, ingkang
luhur wiwit kina-makina,

Padaleman Suci kita!
13 Dhuh Sang Yehuwah, Pangajapipun Israel,
sadaya tiyang ingkang nyingkur Paduka
temtu kawirangan.
Para tiyang ingkang sami nyimpang saking
Paduka,
badhe kasirnakaken saking nagari,
amargi sami nilar tuking toya gesang,
inggih punika Sang Yehuwah.
14 Dhuh Sang Yehuwah, kawula mugi Paduka
sarasaken,
temah kawula badhe saras;
kawula mugi Paduka wilujengaken,
temah kawula badhe wilujeng,
amargi Paduka punika pepujan kawula!
15 Lah, tiyang punika sami wicanten
dhumateng kawula:
“Ana ing ngendi pangandikane Sang
Yehuwah iku?
Cikbene saiki teka!”
16 Ewasamanten kawula boten nate ngajap
dhumateng Paduka supados ndhatengaken
bilai,
kawula boten ngajeng-ajeng dhatengipun
dinten karibedan;
inggih Paduka punika ingkang nguningani
punapa ingkang medal saking lambe
kawula,
sadaya kabeber wonten ing ngarsa Paduka.
17 Paduka sampun ngantos dados pagiris
tumrap kawula,
Paduka punika dados pangauban kawula
ing dinten bilai.

18 Para tiyang ingkang sami mbujeng kawula,
kajengipun nandhang wirang,
nanging kawula sampun ngantos kawirangan;
kajengipun sami giris,
nanging kawula sampun ngantos giris.
Dintening bilai nempuha dhateng para tiyang
punika,
saha sami Paduka sirnakna ngantos tikel.

Dina Sabat kudu disucekake

17:19-27

19 Mangkene pangandikane Sang Yehuwah
marang aku: “Sira lungaa lan ngadega ana
ing Gapura Anak Rakyat, kang diliwati mlebu
metu dening raja-raja ing Yehuda, apadene ing
sakehing gapura ing Yerusalem. 20 Wong-wong
iku padha sira dhawuhana mangkene:
Dhuh para raja Yehuda, sakathahing tiyang
Yehuda lan sakathahing tiyang Yerusalem
ingkang mlebet medal langkung ing gapura
punika! Sami mirengna pangandikanipun
Sang Yehuwah! 21 Makaten pangandikanipun
Sang Yehuwah: Sira padha diprayitna demi
nyawanira! Aja memikul ing dina Sabat lan
nggegawa iku ngliwati gapura-gapurane
Yerusalem! 22 Aja nggawa barang metu saka
ing omahira ing dina Sabat lan aja nglakoni
pagawean apa bae, nanging dina Sabat iku
sira sucekna kaya kang wus Sundhawuhake
marang leluhurira. 23 Ewadene para leluhurira
padha ora ngrungokake, lan ora nggatekake,
nanging padha nekad mbeguguk, temah

ora ngrungokake lan ora gelem nampani
pepeling. 24 Samangsa sira ngrungokake
dhawuhingSun kalawan temen-temen, --
makaten pangandikanipun Sang Yehuwah
--, lan ora nggawa mlebu samubarang liwat
gapura-gapuraning kutha iki ing dina Sabat,
nanging nucekake dina Sabat lan ora nglakoni
pagawean ing dina iku, 25 gapura-gapura iku
bakal kaliwatan para raja lan para panggedhe,
kang bakal lungguh ing dhampare Dawud,
padha nunggang kareta lan jaran: para ratu
iku, para panggedhene, para wong Yehuda lan
wong isine kutha Yerusalem. Sarta kutha iki
bakal dienggoni ing wong ing salawase. 26 Para
wong saka ing kutha-kuthane Yehuda lan saka
ing panggonan-panggonan ing sakubenge
Yerusalem, saka tanahe Benyamin, lan saka
Dhaerah Tengger, saka ing pagunungan sarta
saka ing Tanah Negeb, kanthi nggawa kurban
obaran, kurban sembelehan, kurban dhaharan
lan menyan, ngaturake kurban pamuji sokur
menyang ing padalemane Sang Yehuwah.
27 Balik samangsa sira padha ora ngrungokake
dhawuhingSun lan ora nucekake dina Sabat
lan memikul samubarang mlebu ngliwati
gapurane Yerusalem ing dina Sabat, ana ing
gapura-gapura kono Ingsun bakal ngurubake
geni, kang bakal mangsa puri-puri Yerusalem
nganti tapis, lan kang ora bisa sinirep.”

Piwulang kang kamot ing pagaweane kundhi

18:1-17

18 1 Pangandikane Sang Yehuwah marang
Nabi Yeremia mangkene: 2 “Enggal
lungaa menyang omahe kundhi! Ana ing kana
sira bakal Sunwedhari pangandikaningSun
marang sira.” 3 Aku banjur mangkat menyang
omahe kundhi lan kabeneran dheweke pinuju
gawe grabah kalawan pirantine. 4 Samangsa
grabah kang saka lempung kang ana ing
tangane iku rusak, kundhi mau banjur mangun
grabah iku maneh kadadekake grabah liyane,
kang inganggep becik manut wawasane.
5 Nuli pangandikane Sang Yehuwah marang
aku mangkene: 6 “He turune Israel! Apa
Ingsun ora bisa tumindak tumrap sira kaya
kundhi iku, -- mangkono pangandikane Sang
Yehuwah --. Lah kayadene lempung kang
ana ing tangane si kundhi iku, mangkono
uga sira ana ing astaningSun, he turune
Israel! 7 Terkadhang ana dhawuhingSun
tumrap ing sawijining bangsa utawa karajan,
manawa Ingsun karsa mbedhol, mbubrah lan
mbengkas iku. 8 Nanging manawa bangsa,
kang wus Sundhawuhake kaya mangkono mau
mratobat saka ing pialane, Ingsun temah dadi
keduwung, dene Ingsun kok bakal ndhawahake
bilai kang wus Sunrancang tumrap bangsa iku.
9 Terkadhang Ingsun ngandika bab sawijining
bangsa utawa nagara, menawa Ingsun karsa

mbangun lan nanem iku. 10 Nanging manawa
bangsa iku nglakoni apa kang ala ana ing
ngarsaningSun lan ora ngrungokake marang
dhawuhingSun, Ingsun dadine keduwung
dene Ingsun bakal ndhatengake kauntungan
kang Sunjanjekake marang bangsa iku.
11 Mulane sira ndhawuhana marang bangsa
Yehuda lan wong isine kutha Yerusalem:
Mangkene pangandikane Sang Yehuwah: Lah
Ingsun iki lagi nyepakake bilai tumrap sira
lan nggalih pangrantam nglawan marang sira.
Becike sira padha mratobata kabeh, ninggala
solah-tingkahira kang ala, sarta becikna
lakunira lan panggawenira! 12 Ewadene
celathune wong-wong iku: Ora ana gunane!
Amarga aku arep padha tumindak manut
rancanganku dhewe lan arep nuruti tekading
atiku dhewe-dhewe kang ala."

13 Marga saka iku pangandikane Sang
Yehuwah mangkene:
"Coba takokna ana ing antarane para
bangsa:
sapa kang tau krungu prakara kang kaya
mangkene iki?
Prawan ing Israel wus nglakoni
prakara-prakara kang nistha banget!
14 Apa bisa kelakon salju putih arep ngalih
saka ing gunung parang Siryon?
Mokal yen banyu ing gunung bakal asat,
banyu kang seger lan mili!
15 Nanging umatingSun wus lali marang
Ingsun,
padha ngobong kurban kanggo

para dewa kang tanpa guna,
padha tiba kesandhung ana ing dalane dhewe-dhewe,
yaiku dalan-dalane ing kuna-makuna,
lan menggok ing dalan simpangan,
yaiku dalan kang ora diwarata.
16 Padha gawe nagarane dadi nistha
lan dadi cacadan ing salawase.
Saben wong kang liwat padha eneg
lan gedheg-gedheg.
17 Ingsun bakal mbuyarake bangsa iki ana ing
ngarepe mungsuhe kaya angin saka ing wetan.
PengkeraningSun lan dudu wadananingSun kang Sunkatingalake marang wong-wong iku
ing dina tibaning bilaine."

Pandongane Nabi Yeremia nyuwun piwales tumrap mungsuhe

18:18-23

18 Celathune para wong iku: "Payo padha
nganakake sekuthon nglawan Yeremia, amarga
imam iku ora bakal kentekan piwulang, wong
wicaksana ora bakal kentekan pitutur lan nabi
ora bakal kentekan pangandikane. Payo kita
ngantem dheweke kalawan basane dhewe, lan
nggatekake marang sadhengah tembunge!"
19 Dhuh Sang Yehuwah, mugi karsaa nggatosaken kawula
saha midhangetna pasambat kawula!!

20 Kasaenan punapa badhe kawales piawon?
Ewadene sami ndhudhuk luwangan kangge kawula!
Paduka mugi ngengetana, bilih kawula sowan wonten
ing ngarsa Paduka,
saha nyuwunaken punapa ingkang sae tumrap para tiyang punika,
supados kauwalna saking bebendu Paduka.
21 Mila anak-anakipun mugi sami Paduka pasrahaken dhateng paceklik, saha para tiyang punika mugi Paduka ulungaken
dhateng ing landheping pedhang!
Ingkang estri kajengipun sami kecalan anak saha semah!
Ingkang jaler kajengipun sami pejah dening pageblug
sarta para nem-nemanipun sami pejah dening pedhang wonten ing paprangan.
22 Kajengipun kepireng panjerit saking ing griyanipun
samangsa Paduka dadakan ndhatengaken grombolan rampog,
amargi sami ndhudhuk luwangan kangge nyepeng kawula,
lan sampun masang kalajiret kangge suku kawula.
23 Wondene Paduka, dhuh Sang Yehuwah, Paduka nguningani,
sadaya rancanganipun anggenipun badhe mejahi kawula.
Sampun Paduka apunten kalepatanipun,
lan sampun Paduka ruwat dosanipun

saking ngarsa Paduka:
Nanging mugi sami kesandhunga wonten ing ngarsa Paduka.
Mugi karsaa tumindak ing dinten bebendu Paduka!

Piwulang kang kamot ing guci kang pecah

19:1-15

19 1 Pangandikane Sang Yehuwah
marang aku mangkene: “Sira lungaa
tuku guci lempung, banjur ngajaka para
tetuwaning umat lan para imam kang tuwa
dhewe, 2 nuli mangkata menyang ing Lebak
Ben-Hinom, kang ana ing ngarepe gapura
Beling! Ana ing kana sira warak-warakna
tembung-tembung kang bakal Sunlairake
marang sira! 3 Kandhakna mengkene: Dhuh,
para ratu ing Yehuda lan para tiyang ing
Yerusalem! Makaten pangandikanipun Sang
Yehuwah, Gustining kang sarwa dumados,
Gusti Allahipun Israel: Lah Ingsun bakal
ndhatengake bilai ing panggonan kene, nganti
wong kang krungu bakal sumruweng kupinge!
4 Amarga para wong iku wus nyingkur Ingsun,
ngwenehi papan marang allah ngamanca lan
wus ngobong dupa kanggo allah liyane, kang
ora disumurupi dhewe, apadene para leluhure
lan para raja ing Yehuda. Panggonan iki
kebak getihe wong kang ora duwe kaluputan.
5 Para wong iku wus padha ngadegake
tengger-tengger pangurbanan kanggo Baal,
kanggo ngobong anak-anake minangka

kurban obaran marang Baal, sawijining
prakara kang ora tau Sundhawuhake utawa
Sunngandikakake apadene kang ora tau tuwuh
ana ing panggalihingSun. 6 Mulane lah bakal
teka wektune -- makaten pangandikanipun
Sang Yehuwah, -- panggonan iki ora karan
Tofet utawa Lebak Ben-Hinom maneh,
nanging Lebak Panyembelehan. 7 Ingsun
bakal murungake rancangane Yehuda lan
Yerusalem ing panggonan iki, lan Ingsun
bakal damel ambruke wong-wong iku dening
pedhang ana ing ngarepe mungsuhe lan para
wong kang padha ngarah nyawane. Ingsun
bakal ngetogake bae mayite kamangsa ing
manuk-manuk ing awang-awang lan sato
kewan ing bumi. 8 Ingsun bakal damel kutha iki
dadi pangewan-ewan lan cacadan. Sadhengah
wong kang liwat ing kene bakal padha
kaeraman lan ngeses marga saka sakehe
wewelake. 9 Ingsun bakal damel para wong iku
padha mangan daginge anak-anake lanang
lan wadon, lan saben wong mangan daginge
kancane ing sajrone nandhang kasusahan lan
karibedan, jalaran saka mungsuh-mungsuhe
tuwin para wong kang padha ngarah nyawane.
10 Sira nuli ngepruka guci iku ana ing
ngarepe para wong kang padha melu sira.
11 Wong iku nuli padha sira dhawuhana
mangkene: Mangkene pangandikane Sang
Yehuwah, Gustining kang sarwa dumadi:
“Ingsun bakal ngepruk bangsa lan kutha
iki kayadene pangepruke kundhi marang
grabahe, temah ora bisa didandani maneh.

Tofet bakal dadi kuburan, amarga wus
ora ana panggonan liyane maneh kanggo
ngubur. 12 Kaya mangkono iku kang bakal
Suntandukake marang panggonan lan isine
kutha iki. -- Makaten pangandikanipun Sang
Yehuwah -- Ingsun bakal ndadekake kutha
iki kaya Tofet. 13 Omah-omah ing Yerusalem
lan omah-omahe para raja ing Yehuda iku
bakal Sundadekake jember kaya Tofet, yaiku
sakehe omah kang payone kanggo ngobong
kurban marang sakehe balatantraning langit
lan kanggo ngesokake sesajen omben-omben
marang para allah liyane."
14 Sakondure Nabi Yeremia saka Tofet
anggone kautus dening Sang Yehuwah, supaya
memeca, panjenengane banjur jumeneng ana
ing plataraning padalemane Sang Yehuwah,
lan ngandika marang wong akeh mangkene:
15 "Mangkene pangandikane Sang Yehuwah,
Gustining kang sarwa dumadi, Gusti Allahe
Israel: Lah Ingsun bakal ndhatengake ana ing
kutha kene lan kutha-kutha ing sakiwatengene
sakehing bilai kang wus Sungandikakake,
yen bakal nempuh wong-wong iki, amarga
padha nekad mbangkang lan ora ngrungokake
marang pangandikaningSun."

Ipat-ipat marang Pasyhur jalaran ngunjara Nabi Yeremia

20:1-6

20 1 Pasyhur bin Imer, imam kang ing
wektu iku dadi kepalane padalemane

Sang Yehuwah, krungu Nabi Yeremia memeca
mangkono. 2 Nabi Yeremia nuli disapu lan
dibelok ana ing gapura Benyamin, kang ana
ing dhuwure padalemane Sang Yehuwah.
3 Nanging esuke bareng Nabi Yeremia diluwari
saka ing belokan, banjur ngandika marang
Imam Pasyhur mangkene: "Sang Yehuwah
bakal nyebut kowe dudu Pasyhur, nanging
Pagiris saka ing ngendi-endi. 4 Amarga
mangkene pangandikane Sang Yehuwah: Lah
Ingsun bakal ndadekake sira dadi pagiris
tumrap sira dhewe lan mitra-mitranira
kabeh; mitra-mitranira bakal padha mati
ambruk dening pedhanging mungsuh ana ing
ngarepira dhewe. Apadene Yehuda kabeh
bakal Sunulungake ing tangane ratu ing
Babil, banjur padha diangkatake menyang ing
pambuwangan ing tanah Babil lan dipateni
kalawan pedhang. 5 Uga kasugihane kutha iki,
oleh-olehaning rekasane kabeh, samubarang
kang pangaji lan raja-branane para raja ing
Yehuda bakal Sunulungake marang tanganing
mungsuhe, kang njarah-rayah, nglumpukake
lan mbandhang iku kabeh menyang Babil.
6 Dene mungguh sira dhewe, he Pasyhur dalah
saisine omahira, sira bakal diangkat dadi
tawanan, sira bakal teka ing Babil lan bakal
mati ana ing kana sarta bakal dikubur ana ing
kana; iya sira lan para mitranira kabeh kang
padha kokwedhari pameca kang goroh."

Pasambate Nabi Yeremia jalaran pameteking kalenggahane

20:7-18

7 Dhuh Sang Yehuwah, Paduka ingkang ngarih-arih kawula
lan kawula sampun purun kaarih-arih;
Paduka punika rosa sanget tumrap kawula,
Paduka nunten nelukaken kawula.
Kawula dados gegujengan sadinten muput,
sadayanipun sami moyoki kawula.
8 Amargi saben kawula wicanten, kapeksa mbengkok,
kedah alok-alok: “Ambeksiya! Paniksa!”
Amargi pangandikanipun Sang Yehuwah dados cacadan
lan pamoyok tumraping kawula, sadinten muput.
9 Nanging samangsa kawula mosik:
“Aku emoh ngelingi Panjenengane
lan wegah ngucapake pangandikane maneh atas Asmane!”,
ing salebeting manah kawula kados wonten latu murub makantar-kantar
ingkang pinepetan wonten ing balung kawula,
kawula ngantos kesel anggen kawula mbetah-mbetahaken,
nanging boten kuwawi.
10 Kawula sampun mireng reraosanipun tiyang kathah:
“Pagiris teka saka ing ngendi-endi!

Gugaten dheweke! Aku padha arep
nggugat dheweke!”
Kanca-kanca kenthel kawula piyambak
sami ngintip punapa kawula kesandhung
lajeng dhawah:
“Bokmanawa dheweke kena diglembuk,
temah bisa kita kalahake,
lan kita bisa nandukake pamales marang
dheweke!”
11 Nanging Sang Yehuwah nunggil kaliyan
kawula
kados sang prawira ingkang prakosa,
pramila ingkang mbujeng kawula badhe
kesandhung lan dhawah,
lan boten saged nindakaken punapa-punapa.
Sami badhe nandhang wirang sanget,
amargi sami boten angsal damel;
punika badhe dados kawirangan,
ingkang salaminipun boten saged dipun
supekaken!
12 Dhuh Sang Yehuwah, Gustinipun ingkang
sarwa dumados,
ingkang ndadar tiyang ingkang leres,
sarta nguningani batos lan manah,
keparenga kawula nyipati pamales Paduka
dhateng para tiyang punika,
amargi prakawis punika sampun kawula
pasrahaken dhumateng Paduka.
13 Ngidunga kagem Sang Yehuwah,
ngaturna pamuji marang Sang Yehuwah!
Amarga Panjenengane wus ngluwari
nyawane wong miskin saka ing tangane
wong kang nandukake piala.

14 Kenaa ing ipat-ipat dina kalairanku!
Kareben aja diberkahi dina nalika ibuku
nglairake aku!
15 Kenaa ing ipat-ipat wong kang nggawa
kabar
marang bapakku, mangkene:
“Panjenengan kaparingan putra kakung!”,
kang njalari panjenengane rena banget.
16 Dina iku dadia kaya kutha-kutha,
kang wus kawalik dening Sang Yehuwah
tanpa sih-palimirma!
Muga keprungua pasambat ing wayah esuk,
lan swara gumeder ing wayah tengange!
17 Amarga dina iku ora mateni aku,
nalika aku ana ing kandhutan,
temah ibuku dadi kuburanku
lan mbobot ing salawase!
18 Yagene aku kok lair saka ing kandhutan,
nyawang kasusahan lan prihatin,
temah dina-dinaning uripku liwat klawan
wirang?

Bab anggone Sang Prabu Zedhekia bakal kabucal didhawuhake

21:1-10

21 1 Pangandika kang kadhawuhake Sang
Yehuwah marang Nabi Yeremia, nalika
Sang Prabu Zedhekia ngutus Imam Pasyhur
bin Malkia lan Imam Zefanya bin Maaseya,
kanthi wineling mangkene: 2 “Panjenengan
mugi karsaa neges dhumateng Sang Yehuwah,
amargi Sang Prabu Nebukadnezar, raja ing

Babil nempuh perang! Bokmanawi Sang
Yehuwah karsa nindakaken tumrap kula
sami kadosdene kaelokan ingkang sampun
kalampahan, temah Sang Prabu Nebukadnezar
wau mundur nilar kula.” 3 Pangandikane Nabi
Yeremia marang para utusan mau: “Munjuka
marang Sang Prabu Zedhekia mangkene:
4 Pangandikanipun Sang Yehuwah, Gusti
Allahipun Israel makaten: Lah Ingsun bakal
malik gegamane perang kang sira cekel iku,
lan sira anggo nanggulangi perange raja
ing Babil lan para wong ing Kasdim, kang
ngepung ing sajabaning balowarti: Ingsun
bakal nglumpukake gegamane iku ana ing
jero kutha iki. 5 Ingsun piyambak bakal perang
nglawan marang sira kalawan ngayatake
asta, lan bau kang rosa, klawan deduka,
sarta bentering bebendu lan bramantya.
6 Ingsun bakal ndhawahake wewelak marang
isine kutha iki, iya manungsa iya kewan,
bakal padha mati dening pageblug kang
ngebat-ebati. 7 Sawuse iku -- mangkono
pangandikane Sang Yehuwah -- Zedhekia,
raja ing Yehuda, para punggawane tuwin
para wong isining kutha, kekarene kang isih
urip, ora tinempuh ing pageblug, pedhang lan
paceklik, iku kabeh bakal Sunulungake marang
tangane Nebukadnezar, raja ing Babil, yaiku
mungsuhe, kang ngarah nyawane, banjur
padha dipateni kalawan landheping pedhang
tanpa pangeman, piwelas lan pangapura.
8 Nanging para kawula ing kene padha sira
warahana mangkene: Pangandikane Sang

Yehuwah mangkene: Lah Ingsun nedahake
marganing urip lan pati. 9 Sing sapa tetep
manggon ana ing kutha kene, bakal mati
dening pedhang, paceklik lan pageblug,
nanging sing sapa metu saka ing kene lan
teluk marang ing Kasdim, kang ngepung sira,
iku bakal urip; nyawane bakal kanggo rayahan
kanggo para wong iku. 10 Amarga Ingsun wus
nglawan kutha iki sarana ndhatengake bilai,
lan ora marakake kabegjane; -- mangkono
pangandikane Sang Yehuwah --. Kutha iki
bakal Sunulungake marang ing tangane raja
ing Babil, kang bakal ngobong kutha iki nganti
entek.”

Pameca nglawan raja ing Yehuda

21:11--22:9

11 Katur dhumateng brayatipun Sang Nata ing
Yehuda. Sami midhangetna pangandikanipun
Sang Yehuwah: 12 “He para tedhak turune
Dawud, -- makaten pangandikanipun Sang
Yehuwah --:

Saben esuk nindakna putusan kang adil,
lan kang direbut wewenange uwalna saka
ing tangane kang nyiya-nyiya,
supaya mulad-mulading bebenduningSun
aja nganti nyamber kaya geni,
sarta makantar-kantar,
ora ana kang nyirep,
marga saka panggawe-panggawenira kang
ala!
13 Lah, Ingsun bakal dadi mungsuhira,

he kutha kang ana ing lebak,
gunung parang kang ana ing tanah ngare, --
makaten pangandikanipun Sang Yehuwah --:
He sira kang muni: “Sapa kang wani ngudhuni aku
lan sapa kang bisa lumebu ing pasingidanku?
14 Ingsun bakal ndhawahake piwales marang sira,
kang timbang karo wohing panggawenira, --
makaten pangandikanipun Sang Yehuwah, --
Ingsun bakal ngurubake geni ana ing alase,
kang bakal mangsa samubarang ing sakiwa-tengene nganti entek.”

22 1 Mangkene pangandikane Sang
Yehuwah: “Sira mangkata menyang
ing kadhatone Sang Nata ing Yehuda lan
dhawuhna pangandika iki ana ing kono!
2 Dhawuhna mangkene: He ratu Yehuda
kang lungguh ing dhampare Dawud, sira,
para punggawanira lan kawulanira kang
lumebu liwat ing gapura-gapura kene! 3 --
Makaten pangandikanipun Sang Yehuwah
--: Tumindaka kang adil lan bener; wong
kang dirayah wewenange uwalna saka ing
tangane kang nyiya-nyiya; sira aja nandukake
panganiaya marang wong neneka, bocah lola
lan randha, apadene aja ngwutahake getihe
wong kang resik ana ing kene! 4 Amarga yen

sira padha bisa nindakake iku kabeh kalawan
temen-temen, bakal kelakon para raja, kang
bakal lungguh ana ing dhampare Dawud,
padha nunggang kareta lan kaarak lumebu
ing gapura-gapuraning kraton: para raja iku,
para punggawane lan kawulane. 5 Nanging
manawa sira ora ngrungokake pangandika iki,
Ingsun wus supaos demi Ingsun piyambak,
-- makaten pangandikanipun Sang Yehuwah,
-- kraton iki bakal dadi jugrugan. 6 Amargi
makaten pangandikanipun Sang Yehuwah ing
ngatasipun brayatipun Sang Nata ing Yehuda:

Sira Sunanggep kaya Gilead,
lan kaya pucake gunung Libanon!
Nanging Ingsun mesthi bakal ndadekake sira
dadi ara-ara samun,
dadi kutha kang suwung.
7 Ingsun bakal netepake juru pangrusak
tumrap sira,
kang padha nggawa gegamane
dhewe-dhewe:
Wong iku bakal padha negori wit eres
kang dadi pepethinganira
kang banjur dicemplungake ing geni.

8 Lan samangsa akeh wong kang liwat ing
kutha kene, iku bakal padha rerasanan:
Yagene Sang Yehuwah nandukakake kang kaya
mangkene marang kutha kang gedhe iki?
9 Wong bakal mangsuli: Amarga wus padha
lali marang prasetyane Sang Yehuwah, Gusti
Allahe, lan wus sujud nyembah marang allah
liyane lan ngabekti marang iku.”

Pameca nglawan Sang Prabu Salum

22:10-12

10 Sira aja nangisi wong mati,
lan aja belasungkawa marga saka wong iku.
Luwih becik sira nangisana kang wus lunga,
amarga iku ora bakal bali maneh,
lan ora bakal ndeleng tanah kelairane maneh.
11 Amarga mangkene pangandikane Sang
Yehuwah tumrap Sang Prabu Salum bin Yosia,
raja ing Yehuda, kang wus jumeneng raja,
nggentosi Sang Prabu Yosia, kang rama, lan
kang wus nilar tanah iki: "Dheweke ora bakal
bali mrene maneh; 12 nanging bakal mati ana
ing tanah pambuwangan lan ora bakal ndeleng
nagara iki maneh."

Pameca nglawan Sang Prabu Yoyakim

22:13-19

13 Bilai wong kang mbangun kratone
adhedhasar kang ora adil,
lan pandhapane gedhe
adhedhasar pratingkah kang daksiya,
lan kang magawekake pepadhane kanthi lelahanan
sarta ora menehi pituwase,
14 kang celathu: "Aku arep ngedegake kraton,
kang gedhe amba lan pandhapane kang jembar bawera!"

Temboking kraton banjur dietrapi cendhela-cendhela
blabaging kraton kang kagawe kayu eres,
sarta dicet abang.
15 Apa panganggepira sira iku raja,
manawa padha rebut unggul bab migunakake kayu eres?
Bapakira rak uga mangan lan ngombe,
lan oleh kanikmatan?
Nanging iku nindakake kaadilan lan kabeneran,
16 sarta mutusi prakarane wong sangsara
lan wong miskin kalawan adil.
Rak iku arane nganggep marang Ingsun?
Mangkono pangandikane Sang Yehuwah.
17 Nanging mripat lan atinira
mung ngarah marang kauntungan,
ngwutahake getihe wong kang ora luput,
sarta nindakake pameres lan panganiaya.

18 Mulane mangkene pangandikane Sang Yehuwah tumrap Sang Prabu Yoyakim bin Yosia, raja ing Yehuda:

"Wong ora bakal nangisi dheweke:
Adhuh lae kakangku! Adhuh lae mbakyuku!
Wong ora bakal nangisi dheweke:
Adhuh lae gusti! Adhuh lae panjenengan dalem!
19 Anggone kakubur patrape bakal kaya mendhem kuldi,
dilarak lan dibuwang
ing sajabaning gapurane Yerusalem."

Pameca nglawan Sang Prabu Khonya

22:20-30

20 Sira munggaha ing gunung Libanon lan
nguwuh-uwuha!
Ulukna swaranira ana ing pagunungan
Basan!
Nguwuh-uwuha saka ing pagunungan
Abarim,
amarga sakehe kang padha sira tresnani
wus padha tumpes!
21 Ingsun wus ngandika marang sira nalika
sira santosa,
nanging sira mangsuli: “Aku emoh
ngrungokake!”
Kaya mangkono tindak-tandukira wiwit nalika
nom-nomanira,
amarga sira emoh ngrungokake
dhawuhingSun!
22 Sakehe wong kang ngengon sira bakal
kabur dening prahara,
lan para kang sira tresnani bakal diangkat
dadi wong tawanan.
Ing kono sira bakal nandhang wirang lan
camah
amarga saka sakehing pialanira.
23 He sira kang manggon ana ing gunung
Libanon,
lan nusuh ana ing wit-wit eres!
Saiba bakal pasambatira, samangsa sira
nandhang lara,

nandhang lara kang rasane kaya wong
wadon kang lagi nglarani.
24 Mangkene pangandikane Sang Yehuwah:
“Demi Ingsun agesang, malah sanadyan
Khonya bin Yoyakim, raja ing Yehuda iku
dadi sesupe cap ana ing astaningSun tengen,
ewadene sira bakal Suncopot! 25 Ingsun
bakal masrahake sira marang tangane para
wong kang padha ngarah nyawanira, marang
tangane wong kang sira eringi, marang ing
tangane Nebukadnezar, raja ing tanah Babil,
sarta marang ing tangane wong Kasdim.
26 Ingsun bakal mbucal sira lan ibunira kang
nglairake sira menyang ing nagara liya kang
dudu tanah kalairanira; sira bakal mati ana
ing kana. 27 Nanging wong iku ora bakal
padha mulih menyang ing nagara kang
diengen-engen supaya bisa bali mrana!”
28 Khonya iku rak barang kang remeh
kang bakal diremuk dening wong,
utawa grabah kang ora disenengi ing wong?
Yagene dheweke kok dibanting lan
dibuwang,
menyang ing nagara, kang ora disumurupi?
29 He nagara, nagara, nagara!
Rungokna pangandikane Sang Yehuwah.
30 Mangkene pangandikane Sang Yehuwah:
“Wong iku catheten ora duwe anak,
wong lanang kang ora tau oleh begja ing
sajroning uripe,
marga turune ora ana siji-sijia kang bisa
nglungguhi dhampare Dawud

lan nyekel paprentahan ing Yehuda
maneh!”

Prasetya bab Trubusane Sang Prabu Dawud kang adil

23:1-8

23 [1] “Bilai para pangon kang ngetogake bae
wedhus-wedhus ngonngonaningSun
padha ilang lan buyar!” -- mangkono
pangandikane Sang Yehuwah. [2] Mulane
pangandikane Sang Yehuwah, Gusti Allahe
Israel marang para pangon kang ngengon
bangsaku, mangkene: “Sira wus ngetogake
bae wedhus-wedhusingSun buyar lan pating
slebar, ora sira reksa. Mulane wruhanira,
Ingsun bakal males marang sakehing
panggawenira kang ala, -- mangkono
pangandikane Sang Yehuwah --. [3] Lan Ingsun
piyambak bakal ngempalake kekarene
wedhus-wedhusingSun saka ing tanah
anggoningSun mbuyarake lan bakal nggiring
bali menyang ing pangonane maneh; iku
banjur bakal tangkar-tumangkar lan wuwuh
akeh. [4] Ingsun bakal milih pangon-pangon
kang bakal ngengon wedhus-wedhus iku,
temah ora padha wedi maneh, ora kaget, sarta
ora ana siji-sijia kang ketriwal. Mangkono
pangandikane Sang Yehuwah.
[5] Pangandikane Sang Yehuwah mangkene:
Lah, bakal tumeka ing wektune, Ingsun bakal
nuwuhake Trubusane Dawud kang adil. Iku
bakal jumeneng raja kang wicaksana lan

tumindak adil tuwin bener ana ing nagara.
6 Ing jaman jumenenge raja iku Yehuda bakal
linuwaran lan Israel bakal tentrem uripe; dene
jeneng kang diwenehake dening wong marang
dheweke: Sang Yehuwah kaadilan kita.
7 Mulane, -- mangkene pangandikane Sang
Yehuwah --, lah bakal tumeka ing wektune
wong ora muni mangkene maneh: Demi Sang
Yehuwah agesang, kang ngentasake Israel
saka ing tanah Mesir!, 8 nanging mangkene:
Demi Sang Yehuwah agesang kang ngirid lan
ngulihake tedhak turune Israel metu saka ing
tanah lor lan saka sakehing nagara, anggone
Panjenengane mbuyarake wong-wong iku,
sarta iku banjur bakal padha manggon ana ing
tanahe dhewe."

Nglawan para nabi palsu

23:9-40

9 Bab para nabi.
Atiku remuk sajroning dhadhaku.
Sakehing balungku gograg.
Kaananku kaya wong mendem,
kaya wong lanang kang keladuk anggone
ngombe anggur,
awit saka Sang Yehuwah
lan pangandikane kang suci.
10 Nagara wus kebak wong laku jina;
sanyata marga saka ipat-ipat iki
nagara iki dadi garing,
lan suket-suket ing ara-ara padha alum;
kang diburu mung piala,

lan karosane iku anggone padha ora adil.
11 “Sanyata, nabia, imama padha dursila;
ana ing padalemaningSun Ingsun uga
nrenjuhi pialane.
Mangkono pangandikane Sang Yehuwah.
12 Mulane dalan kang diambah para wong iku
bakal kaya dalan kang lunyu;
ana ing petengan bakal padha kesandhung
lan tiba ana ing kono,
amarga Ingsun bakal ndhatengake bilai
tumrap para wong iku
ing sajroning taun nalika padha kaukum.
Mangkono pangandikane Sang Yehuwah.
13 Ing kalangane para nabi ing Samaria,
Ingsun nguningani ana kang ora patut,
padha meca demi Baal
lan padha nasarake umatingSun Israel.
14 Nanging ing kalangane para nabi ing
Yerusalem
Ingsun nguningani pokal kang rusuh,
padha laku jina lan tumindak ora jujur,
padha mangkotake atine wong kang
nindakake piala,
temah ora ana wong kang mratobat saka
kadursilane.
Kabeh wus padha dadi kaya Sodom tumrap
Ingsun,
sarta para kang manggon ing kono kaya
Gomora.”
15 Marga saka iku pangandikane Sang
Yehuwah,
Gustining kang sarwa dumadi,
tumrap para nabi iku mangkene:

“Lah, Ingsun bakal maringi pangan butrawali
lan omben-omben racun marang
wong-wong iku,
awit marga saka para nabi ing Yerusalem iku,
kadursilan wis ngembrah ana ing
saindenging nagara.”
16 Mangkene pangandikane Sang Yehuwah,
Gustine kang sarwa dumadi:
“Aja ngrungokake tembunge para nabi
kang memeca marang sira!
Wong-wong iku mung aweh pangarep-arep
kang kothong marang sira,
lan mung medharake wangsit akal-akalane
dhewe,
kang tekane ora saka lesane Sang Yehuwah.
17 Wong iku padha kandha marang wong
kang padha nyampahi sabdane Sang
Yehuwah:
Kowe bakal padha slamet!
lan marang sadhengah wong kang mbeguguk
nuruti tekading atine,
kandhane mangkene: Kowe ora bakal nemu
bilai!”
18 Awitdene sapa ta kang nekseni
pirembagane Sang Yehuwah,
temah bisa nggatekake lan krungu
pangandikane?
Sapa kang nggatekake lan ngrungokake iku?
19 Mara delengen, praharaning Sang
Yehuwah,
yaiku bentering bebendune, wus metu
nyamber-nyamber,
-- angin lesus --

lan tumiba nempuh sirahe para wong duraka.
20 Bebendune Sang Yehuwah ora bakal mendha,
nganti Panjenengane wus nindakake
lan mujudake apa kang wus rinancang ana ing panggalihe;
ing dina-dina kang wekasan sira bakal mangreti
prakara iku temenan!
21 “Ingsun ora ngutus para nabi iku,
ewadene padha mempeng,
Ingsun ora paring pangandika marang para wong iku,
ewadene padha memeca.
22 Saupama padha nunggoni anggoningSun pirembagan,
mesthi padha nglairake pangandikaningSun marang para umatingSun,
lan padha ngajak bali umatingSun saka ing tindak-tanduke kang ala
tuwin panggawene kang dursila.
23 Ingsun rak dudu Allah kang mung ana ing cedhakan,
nanging kang ana ing kadohan uga.
Mangkono pangandikane Sang Yehuwah.
24 Saupama ana wong kang umpetan ana ing pasingidan,
apa Ingsun ora pirsa? -- Mangkono pangandikane Sang Yehuwah. --
Apa dudu Ingsun kang ngebeki

langit lan bumi? Mangkono pangandikane
Sang Yehuwah.
25 Ingsun wus miyarsa apa kang dikandhakake
para nabi, kang memeca goroh demi
asmaningSun, sarana pangucape: Aku
wis ngimpi, aku wis oleh impen! 26 Nganti
sapira suwene bab iku ana ing batine para
nabi, kang doracara lan medharake saka
pangothak-athike dhewe, 27 kang ngrantam
supaya umatingSun padha lali marang Ingsun
kalawan impen-impen, kang dikandhakake
nabi siji marang sijine, padha kayadene para
leluhurira, kang lali marang asmaningSun
marga saka Baal? 28 Nabi kang oleh impen,
kareben ngandhakake impene, lan kang tampa
pangandikaningSun iya kareben ngabarake
pangandikaningSun ing sabenere!
Apa ana gandheng-cenenge dami karo
gandum?
Mangkono pangandikane Sang Yehuwah.
29 PangandikaningSun rak prasasat geni, --
mangkono pangandikane Sang Yehuwah --
lan kaya palu kang ngremuk gunung
parang?
30 Mulane, lah Ingsun bakal nglawan para
nabi kang padha nyolong pangandikaningSun
saka kancane. -- Mangkono pangandikane
Sang Yehuwah --. 31 Satemene Ingsun
bakal nglawan para nabi kang ngempakake
ilate kanthi sawenang-wenang kanggo
ngandharake pangandikaning Allah. --
Mangkono pangandikane Sang Yehuwah --.
32 Lah, Ingsun bakal nglawan para nabi,

kang medharake impene kang goroh, --
mangkono pangandikane Sang Yehuwah; --
lan kang padha ngandhakake iku lan nasarake
umatingSun kalawan anggone goroh lan
umuk. Ingsun iki ora tau ngutus lan dhawuh
marang para wong iku. Wong-wong iku ora
ana gunane babar pisan tumrap bangsa iki. --
Mangkono pangandikane Sang Yehuwah.
33 Samangsa bangsa iki, nabia, imama,
pitakon marang sira: Pangandika apa
kang diemotake dening Sang Yehuwah?
Nuli wangsulana mangkene: Iya kowe iku
momotane! Mulane sira bakal Sunbuwang
saka ing nagaraningSun, -- mangkono
pangandikane Sang Yehuwah --. 34 Dene
nabi utawa imam utawa rakyat kang isih
ngrembug bab Sabda kang diemotake dening
Sang Yehuwah, Ingsun bakal ndhawahake
piwales marang wong iku dalah kulawargane.
35 Kang kudu sira kandhakake, siji-sijine
marang kancane utawa sadulure: Kapriye
paring wangsulane Sang Yehuwah?, utawa:
Apa pangandikane Sang Yehuwah? 36 Nanging
Sabda kang diemotake dening Sang Yehuwah,
aja kokkandhakake maneh, awit kang dadi
momotane saben wong yaiku tembunge
dhewe, amarga kowe wus padha ngowahi
pangandikane Gusti Allah kang gesang, Sang
Yehuwah, Gustine kang sarwa dumadi, Gusti
Allah kita. 37 Sira kandhaa marang para nabi
mangkene: Kapriye dhawuh wangsulane
Sang Yehuwah marang kowe utawa: Apa
pangandikane Sang Yehuwah? 38 Nanging

manawa sira isih ngucapake bab Sabda,
kang diemotake dening Sang Yehuwah,
pangandikane Sang Yehuwah mangkene:
Sarehne sira isih ngandhakake isining Sabda,
kang diemotake dening Sang Yehuwah,
sanadyan Ingsun ngutus wong marang sira
supaya mratelakna: aja rembugan bab Sabda,
kang diemotake dening Sang Yehuwah,
39 mulane, lah Ingsun bakal nyepeng lan
mbuwang sira saka ing ngarsaningSun, sira
lan kuthanira kang wus Sunparingake marang
sira lan leluhurira iku. 40 Ingsun bakal maringi
cacadan lan kawirangan kang langgeng
marang sira kang ora bakal kalalekake.”

Wahyu bab kranjang loro isi woh anjir

24:1-10

24 1 Delengen, Sang Yehuwah nedahake
kranjang loro isi woh anjir, ana ing
ngarepe padalemane Sang Yehuwah. Kalakone
prakara iku sawuse Sang Prabu Nebukadnezar,
ratu ing Babil ngangkut Sang Prabu Yekhonya
bin Yoyakim, ratu ing Yehuda dalah para
panggedhene Yehuda, para tukang lan pandhe
saka ing Yerusalem, digawa menyang ing
pambuwangan ing tanah Babil. 2 Kranjang
kang siji isi woh anjir kang becik banget,
empere kaya woh anjir kang mateng kawitan;
kranjang sijine isi woh anjir kang elek banget,
nganti ora kena dipangan marga saka eleke.
3 Aku banjur dipangandikani dening Sang
Yehuwah: “He Yeremia, apa kang sira deleng?”

Unjuk wangsulanku: “Kawula ningali woh
anjir! Ingkang sae punika sanget saenipun,
saha woh anjir ingkang awon ingkang boten
kenging katedha margi saking awonipun.”
4 Ing kono pangandikane Sang Yehuwah
marang aku: 5 “Mangkene pangandikane
Sang Yehuwah, Gusti Allahe Israel: Kayadene
woh anjir kang becik iku iya kaya mangkono
anggoningSun bakal nggalih marang wong
Yehuda kang Sunbekta saka ing panggonan
iki menyang ing tanah pambuwangan, tanahe
para wong Kasdim murih becike. 6 Ingsun
bakal mirsani para wong iku murih becike, lan
Sunulihake menyang ing nagara kene maneh:
bakal Sunbangun, ora Sunbubrah; Suntanem,
ora Sunbedholi. 7 Bakal Sunparingi ati kang
wanuh marang Ingsun, yaiku manawa Ingsun
iku Yehuwah. Wong iku bakal padha dadi
umatingSun lan Ingsun dadi Allahe, amarga
bakal padha mratobat marang Ingsun kanthi
gumolonging atine.
8 Nanging kayadene woh anjir kang elek kang
marga saka eleke nganti ora kena dipangan iku
-- pangandikane Sang Yehuwah mangkene:
-- Iya kaya mangkono anggoningSun bakal
tumindak ing ngatase Zedhekia, ratu ing
Yehuda, dalah para panggedhene, sarta
kekarene wong ing Yerusalem, kang isih ana
ing nagara kene apadene para wong kang
manggon ana ing nagara Mesir. 9 Ingsun bakal
damel para wong iku dadi pangewan-ewan
tumrap sakehing krajan ing bumi, dadi
cacadan lan pocapan, dadi poyokan lan

ipat-ipat ana ing sakehing panggonan,
anggoningSun mbuyarake. 10 Sarta Ingsun
bakal ndhatengake perang, pailan lan
pageblug marang wong-wong iku, nganti
padha kasirnakake babar pisan saka ing tanah
peparingingSun marang wong-wong iku lan
marang para leluhure.”

Yehuda bakal dibuwang menyang ing tanah Babil lawase pitung puluh taun

25:1-14

25 1 Pangandika kang kadhawuhake
marang Nabi Yeremia bab sakehe
wong Yehuda, nalika jumenenge Sang
Prabu Yoyakim bin Yosia, ratu ing Yehuda
wus nyandhak patang taune, yaiku nalika
ing taun kawitan jumenenge Sang Prabu
Nebukadnezar, ratu ing Babil. 2 Pangandika
mau kadhawuhake dening Nabi Yeremia
marang sakehe wong ing Yehuda lan sakehe
wong ing kutha Yerusalem, mangkene
wirasane: 3 “Wiwit nalika jumenenge Sang
Prabu Yosia bin Amon, ratu ing Yehuda wus
nyandhak telulas taune tumeka ing dina
iki, dadi wus oleh telulikur taun anggonku
kadhawuhan pangandikane Sang Yehuwah
iku, lan ora kendhat-kendhat anggonku
mituturi marang kowe, nanging kowe ora
gelem ngrungokake. 4 Mangkono maneh
Sang Yehuwah tansah ngutus para abdine,
yaiku para nabi, nanging kowe padha ora
manut sarta ora nggatekake. 5 Pangandikane

para nabi mau mangkene: Padha mratobata
saka polah-tingkah lan pokal gawemu, kang
ala; kowe bakal padha tetep manggon ana
ing tanah kang diparingake dening Sang
Yehuwah marang kowe lan para leluhurmu
ing salawas-lawase. 6 Aja ngetut-buri marang
allah liyane, aja kokbekteni lan koksujudi. Sira
aja gawe gerahing panggalihingSun sarana
gegaweane tanganira, supaya Ingsun aja
nganti nekakake bilai marang sira. 7 Ewadene
sira padha ora manut marang dhawuhingSun.
-- Mangkono pangadikane Sang Yehuwah --,
temah gawe gerahing panggalihingSun srana
gegaweane tanganira, njalari bilainira dhewe.
8 Mulane mangkene pangandikane
Sang Yehuwah, Gustine kang sarwa
dumadi: Sarehne sira ora ngrungokake
pangandikaningSun, 9 lah Ingsun bakal
nimbali sakehe para umat saka ing tanah lor --
mangkono pangandikane Sang Yehuwah --, lan
dhawuh marang Nebukadnezar, raja ing Babil,
abdiningSun iku; Ingsun bakal nekakake para
wong iku nglurugi nagara kene, wong-wonge
kang padha manggon lan bangsa-bangsa ing
sakubenge, kang bakal padha Suntumpes,
Sundadekake pagiris, dadi lesaning panacad
lan dadi ludhesan ing salawase. 10 Ingsun
bakal nyingkirake swaraning kasenengan
lan kabungahan, sabawaning penganten
lanang lan wadon, kumrusuking gilingan lan
padhanging damar. 11 Saindenging nagara
iki banjur bakal dadi jugrugan lan bera
sarta bangsa iki bakal ngawula marang raja

ing Babil pitung puluh taun lawase. [12] Nuli
sawuse genep pitung puluh taun, Ingsun
bakal males raja ing Babil lan bangsa iku,
apadene nagarane para wong Kasdim, sarana
Sundadekake papan-papan kang cengkar
ing salawase, marga saka kaluputane. --
Mangkono pangandikane Sang Yehuwah --.
[13] Ingsun bakal ndhawahake marang nagara
iki, kabeh kang wus Sundhawuhake tumrap
nagara iki, yaiku: kabeh kang tinulis ana ing
kitab iki, kayadene kang wus kawecakake
dening Yeremia ing ngatase bangsa iku kabeh.
[14] Amarga wong iku uga bakal padha dadi
kawulane bangsa akeh lan para raja kang
agung, tuwin Ingsun bakal matrapi para
wong iku kang laras karo polah-tingkahe lan
panggawene."

Tuwung bebendune Sang Yehuwah tumrap para bangsa

25:15-38

[15] Pangandikane Sang Yehuwah, Gusti
Allahe Israel marang aku mangkene:
"Tampanana tuwung kang isi anggur bentering
bebenduningSun iki saka astaningSun,
nuli ombekna marang sakehe para bangsa
kang dadi tujuane anggoningSun ngutus
sira, [16] supaya iku padha ngombea, nganti
sempoyongan lan bingung marga saka
pedhang, kang bakal Suntamakake ana ing
satengahe. [17] Aku banjur nampani tuwung
iku saka ing astane Sang Yehuwah, sarta

ngombekake marang para bangsa kang
dadi tujuane anggonku kautus dening Sang
Yehuwah, 18 yaiku marang kutha Yerusalem
lan kutha-kuthane Yehuda, dalah para raja
lan panggedhene, supaya iki kabeh dadia
jugrugan, padha garing lan dadi lesaning
panacad sarta ipat-ipat, kayadene kang
kelakon ing dina iki; 19 marang Pringon, ratu
ing tanah Mesir dalah para punggawane,
para panggedhene lan sakehe kawulane.
20 Mangkono uga marang bangsa campurane
bangsa warna-warna, para ratu ing tanah Us;
para raja ing tanah Filisti, yaiku ing Askelon,
Gaza, Ekron lan para wong kekarene kang ana
ing Asdod; 21 ing Edom, Moab lan bani Amon;
22 marang sakehe raja ing Tirus lan Sidon
sarta para raja ing tanah pasisir ing sabrange
segara, 23 marang Dedan, Tema, Bus lan
sakehe wong kang cukur rambute ing pinggir
mubeng, 24 marang sakehe raja ing tanah
Arab, kang manggon ana ing ara-ara samun;
25 marang sakehe para raja ing Zimri, ing Elam
lan ing Madhai; 26 marang sakehe raja saka
ing tanah lor, kang cedhak lan kang adoh,
baka siji, apadene marang sakehe karajan
donya kang ana ing salumahing bumi, uga raja
ing Sesakh bakal ngombe sawuse wong-wong
mau.

27 Para wong mau nuli padha sira kandhanana
mangkene: Pangandikane Sang Yehuwah,
Gustine kang sarwa dumadi, Gusti Allahe
Israel mangkene: Sira padha ngombea nganti
mendem lan mutah-mutah. Padha ambruka,

aja nganti tangi maneh! Marga saka pedhang
kang bakal Suntamakake ana ing tengahira!
28 Nanging manawa padha ora gelem nampani
tuwung iku saka ing tanganira supaya diombe,
nuli sira kandhanana mangkene: Sabdane
Sang Yehuwah, Gustine kang sarwa dumadi
mangkene: Sira kudu ngombe! 29 Amarga
kutha kang sinebut manut asmaningSun iku,
bakal wiwit Sundhawahi wewelak; apa sira bisa
oncat saka paukuman? Sira padha ora bakal
bisa oncat saka paukuman, amarga Ingsun
wus ngagagake pedhang marang sakehing
wong ing salumahing bumi. -- Mangkono
pangandikane Sang Yehuwah, Gustine kang
sarwa dumadi --. 30 Sakehing pangandika iku
sira wedharna marang para wong iku, sarta
sira mratelakna mangkene:

Sang Yehuwah bakal nggretak saka ing ngaluhur
lan ngulukake swantene saka ing padalemane kang suci;
Panjenengane bakal ngumbar suwanten marang pangenane,
bakal mbengok kaya pambengoke para juru ngiles anggur,
kang tumuju marang wong saisining bumi.
31 Gumuruhing perang bakal tumeka ing poncoting bumi,
amarga Sang Yehuwah kagungan prakara karo para bangsa;
Panjenengane karsa prakaran karo sakehing para titah;

wong duraka bakal padha diulungake marang
pedhang.
Mangkono pangandikane Sang Yehuwah.
32 Mangkene pangandikane Sang Yehuwah,
Gustine kang sarwa dumadi:
Lah, wewelak bakal tular-tumular saka
bangsa siji
marang bangsa sijine,
prahara gedhe bakal ngamuk saka poncoting
bumi.
33 Ing dina iku banjur bakal akeh wong mati
glimpangan, kang pinejahan dening Sang
Yehuwah, saka ing poncoting bumi tumeka ing
poncoting bumi. Bakal padha ora ditangisi,
ora dikukupi lan dipendhem, bakal padha dadi
rabuk ing pategalan.
34 He para pangon, padha sesambata lan
jerit-jerita!
He para pangiriding wedhus pepanthan,
padha gulunga ana ing lebu!
Amarga wus tekan ing titi-mangsane
anggonira bakal padha disembeleh
lan sira bakal padha tiba
kaya wedhus lanang pilihan.
35 Tumrap para pangon bakal ora ana
pangluwaran meneh,
lan tumrap pangiride pepanthaning
wedhus-wedhus wus ora ana dalan
bisane oncat.
36 Rungokna! Para pangon padha sambat-
sambat,
para pangiriding pepanthaning wedhus-
wedhus

padha ngadhuh-adhuh!
Amarga Sang Yehuwah wus ngrisak
pangonane.
37 Pangonane kang tentrem dadi sepi
mamring,
marga saka mulad-mulading bebendune
Sang Yehuwah.
38 Panjenengane wus nilar
kaya singa kang ninggal grumbul
pasingidane,
amarga nagarane wus dadi tanah mluwa,
jalaran saka pedhang kang nggegirisi
lan bebendune Sang Yehuwah kang
mulad-mulad."

Nabi Yeremia arep disedani, amarga meca rusake Padaleman Suci

Nabi Uria ditibani paukuman pati

26:1-24

26 1 Nalika wiwit jumenenge Sang Prabu
Yoyakim putrane Sang Prabu Yosia, ratu
ing Yehuda, ana pangandikane Sang Yehuwah,
mangkene: 2 Mangkene pangandikane Sang
Yehuwah: "Sira ngadega ana ing plataraning
padalemane Sang Yehuwah, ana ing kono
para wong ing sakehe kutha ing Yehuda,
kang arep munggah sembahyang ana ing
padalemane Sang Yehuwah, padha sira
pratelanana sakehing pangandikaningSun
marang sira, tumrap wong iku. Aja sira kurangi
satembung bae! 3 Bokmanawa padha gelem

ngrungokake lan sawiji-wijine padha gelem
ninggal panggawene kang ala, satemah Ingsun
getun ing bab kasangsaran, kang Sunrancang
tumrap wong-wong mau marga saka sakehing
panggawene kang ala. 4 Dadine padha sira
kandhanana mangkene: Pangandikane Sang
Yehuwah mangkene: Manawa sira padha
ora ngrungokake marang Ingsun sarta ora
miturut marang angger-anggeringSun, kang
wus Sundhawuhake ana ing ngarepira,
5 lan ora gelem ngrungokake tembunge
para abdiningSun, para nabi, kang tansah
Sunutus marani sira, -- nanging sira lumuh
ngrungokake -- 6 temah Ingsun bakal
ndadekake omah iki kaya Silo, lan kutha iki
dadi ipat-ipat tumrap sakehing bangsa ing
salumahing bumi.”
7 Para imam, para nabi lan sakehe rakyat
padha krungu anggone Nabi Yeremia
ndhawuhake pangandika iku ana ing
padalemane Sang Yehuwah. 8 Sawuse Nabi
Yeremia rampung anggone nglantarake kabeh
kang diprentahake dening Sang Yehuwah kang
supaya didhawuhake marang rakyat kabeh
iku, para imam, para nabi lan rakyat kabeh
banjur padha nyekel Nabi Yeremia, kalawan
pangucape: “Kowe kudu mati! 9 Yagene kowe
meca demi asmane Sang Yehuwah, kalawan
kandhamu: Omah iki bakal padha kaya Silo lan
kutha iki bakal dadi jugrugan, temah ora ana
kang manggon ing kono maneh?” Lah rakyat
kabeh nuli padha nglumpuk ngrubung Nabi
Yeremia ana ing padalemane Sang Yehuwah.

10 Bareng para panggedhene Yehuda padha
krungu prakara iku, banjur padha mangkat
saka ing kraton menyang ing padalemane
Sang Yehuwah sarta lenggah ana ing gapura
anyar ing padalemane Sang Yehuwah. 11 Para
imam lan para nabi nuli padha pratela marang
para panggedhe lan rakyat kabeh, tembunge:
“Tiyang punika kedah kapatrapan paukuman
pejah, amargi meca bab kitha ngriki kados
ingkang sami panjenengan piyarsakaken
piyambak.”
12 Nanging Nabi Yeremia nuli ngandika
marang para panggedhe lan rakyat kabeh:
“Sang Yehuwah ingkang ngutus kula
kadhawuhan meca bab padaleman lan kitha
punika, supados ndumugekaken sadaya
pangandika ingkang sami panjenengan
piyarsakaken punika. 13 Milanipun sami kula
aturi ngewahi tindak-tanduk tuwin pandamel
panjenengan, saha sami midhangetna
pangandikanipun Sang Yehuwah, Gusti
Allah panjenengan, temah Sang Yehuwah
lajeng keduwung ing bab bilai ingkang dipun
rancang tumrap panjenengan. 14 Nanging
menggah kula, kula punika wonten ing
asta panjenengan, inggih sumangga, kula
kapatrapana, punapa ingkang panjenengan
galih sae lan leres. 15 Namung kemawon
mugi panjenengan uningani sayektos, bilih
panjenengan mejahi kula punika, ateges
panjenengan ngwutahaken rahipun tiyang
ingkang resik, punika tumempuh dhateng
panjenengan, saha dhateng kitha punika

dalah ingkang manggen ing kitha punika,
amargi Sang Yehuwah sayektos ngutus kula
dhateng panjenengan ndumugekaken sadaya
pangandika punika."
16 Para panggedhe lan rakyat kabeh
banjur pratela marang para imam lan para
nabi: "Tiyang punika boten samesthinipun
kapatrapan paukuman pejah, amargi
piyambakipun wicanten dhateng kita atas
asmanipun Sang Yehuwah, Gusti Allah kita."
17 Para tetuwane nagara pancen ana sawatara
kang padha maju lan ngandhani marang rakyat
kang nglumpuk iku, tembunge: 18 "Nalika
jamanipun Sang Prabu Hizkia, ratu ing Yehuda
wonten tiyang, namanipun Mikha, tiyang
Moresyet, ingkang sampun meca saha cariyos
dhateng bangsa Yehuda sadaya, tembungipun:
Pangandikanipun Sang Yehuwah, Gustinipun
ingkang sarwa dumados makaten:

Sion bakal diwluku kaya pategalan,
lan Yerusalem bakal dadi jugrugan,
sarta gununging Padaleman Suci bakal
dadi gunung kang ana alase.

19 Punapa Sang Prabu Hizkia, raja ing Yehuda
lan sakathahipun tiyang Yehuda lajeng mejahi
piyambakipun? Piyambakipun rak ngabekti
dhateng Sang Yehuwah, satemah nunten
nyuwun sih-piwelasipun Sang Yehuwah,
mugi Sang Yehuwah kaduwunga ing bab bilai
ingkang kaancamaken dhateng para leluhur
kita. Lah sapunika kita, punapa kita badhe
ndhatengaken bilai ingkang ageng sanget
punika dhateng badan kita piyambak?"

[20] Ing kala semana uga ana sawijining
wong maneh kang meca atas asmane Sang
Yehuwha, yaiku Nabi Uria bin Semaya,
saka ing Kiryat-Yearim. Panjenengane meca
bab kutha lan nagara iki, padha kaya kang
dipangandikakake Nabi Yeremia. [21] Nalika
Sang Prabu Yoyakim, para prawira lan para
panggedhe miyarsa tembunge nabi iku,
Sang Prabu banjur ngangkah nyirnakake
panjenengane. Bareng Nabi Uria mireng
prakara iku, panggalihe miris, nuli ngungsi
menyang ing tanah Mesir. [22] Wasana Sang
Prabu Yoyakim utusan Elnatan bin Akhbor
kinanthenan wong sawatara menyang tanah
Mesir. [23] Nabi Uria digawa saka ing tanah
Mesir lan diaturake marang ngarsane Sang
Prabu Yoyakim. Sang Prabu tumuli dhawuh
nyedani Nabi Uria kalawan pedhang, lan
layone dibuwang ana ing pakuburaning
rakyat lumrah. [24] Nanging Nabi Yeremia
diayomi dening Ahikam bin Safan, temah ora
diulungake marang ing tangane rakyat lan ora
disedani.

Kadhawuhan mikul pasangane Babil

27:1-22

27 [1] Nalika ing wiwitane jumenenge Sang
Prabu Zedhekia, putrane Sang Prabu
Yosia, ratu ing Yehuda, ana pangandikane
Sang Yehuwah marang Nabi Yeremia.
[2] Pangandikane Sang Yehuwah marang
aku mangkene: “Sira gawea kendharat lan

pasangan, padha etrapna ing gulunira. 3 Nuli
ngirimna piweling marang raja ing Edom,
raja ing Moab, rajaning bani Amon, raja
ing Tirus lan raja ing Sidon, lumantar para
utusan kang wus padha sowan Sang Prabu
Zedhekia, ratu ing Yehuda ana ing Yerusalem.
4 Dhawuhna marang para utusan mau supaya
padha matur marang para gustine: Makaten
pangandikanipun Sang Yehuwah, Gustinipun
kang sarwa dumados, Gusti Allahipun Israel:
Mangkene kang kudu sira aturake marang
gustinira: 5 Ingsun iki kang nitahake bumi,
manungsa lan kewan kang padha ana ing
bumi, kalawan kakiyataningSun kang gedhe
lan astaningSun kang Sunegarake sarta Ingsun
maringake iku kabeh marang wong, kang
Sunanggep sembada ana ing ngarsaningSun.
6 Lan saiki, Ingsun maringake sakehing
nagara iki marang tangane abdiningSun
Nebukadnezar, ratu ing Babil, dalah kewan
ing ara-ara uga wus Sunparingake marang
tangane supaya padha suyuda. 7 Sakehing
bangsa bakal padha ngawula marang dheweke
lan anak putune, nganti tumeka ing wektune
uga tumrap nagarane dhewe, nuli akeh bangsa
lan ratu agung kang bakal padha nelukake.
8 Nanging bangsa lan karajan kang ora gelem
teluk marang Nebukadnezar, ratu ing Babil
lan lumuh mikul pasangane ana ing gulune,
iku bakal Sunukum kalawan pedhang, pailan
lan pageblug, -- makaten pangandikanipun
Sang Yehuwah -- temah padha Sunulungake
babar pisan ing tangane. 9 Dene mungguh

sira kabeh, sira aja padha nggugu marang
para nabinira, juru tenungira, juru mbatang
impenira, juru bethekira, lan juru sihirira,
kang kandha marang sira: Kowe aja padha
gelem teluk marang raja ing Babil! 10 Amarga
wong iku padha meca goroh marang sira,
karepe ngedohake sira saka ing tanahira,
temah sira padha Sunbuyarake lan nemu
karusakan. 11 Nanging bangsa kang gelem
kaetrapan pasangane Nebukadnezar ing
gulune sarta kang teluk marang dheweke,
iku bakal Suntegakake bae ana ing tanahe --
makaten Pangandikanipun Sang Yehuwah --
lan babal ngolah iku sarta manggon ing kono.”
12 Aku wus matur marang Sang Prabu
Zedhekia, ratu ing Yehuda, uga kaya
mangkono, aturku: “Panjenengan dalem mugi
karsaa ngrembat pasanganipun Sang Prabu
ing Babil, panjenengan dalem karsaa teluk
dhateng panjenenganipun lan rakyatipun,
temah panjenengan dalem temtu lestantun
sugeng. 13 Punapaa dene panjenengan dalem
dalah rakyat dalem kedah nemahi sirna
dening pedhang, pailan saha pageblug, kados
ingkang dipun ngandikakaken Sang Yehuwah
tumrap bangsa ingkang boten purun teluk
dhateng raja ing Babil punika? 14 Panjenengan
dalem sampun miyarsakaken aturipun para
nabi ingkang munjuk dhateng panjenengan
dalem: Panjenengan dalem sampun ngantos
karsa teluk dhateng Sang Prabu ing Babil!
Amargi pamecanipun dora wonten ing ngarsa
panjenengan dalem. 15 Amarga Ingsun

ora ngutus para wong iku, -- makaten
pangandikanipun Sang Yehuwah -- ananging
padha meca goroh atas asmaningSun, temah
sira padha Sunbuyarake lan nemu karusakan
bareng karo para nabi kang padha meca
marang sira iku.”
16 Marang para imam lan rakyat kabeh aku
uga kandha, pangucapku: “Pangandikane
Sang Yehuwah mangkene: Aja padha nggugu
marang para nabinira, kang meca marang
sira. Lah piranti-pirantining padalemane Sang
Yehuwah ora antara suwe bakal dibalekake
saka tanah Babil. Amarga para wong iku
padha meca goroh marang sira. 17 Sira aja
padha nggugu marang para wong iku, padha
teluka marang raja ing Babil, temah kowe
bakal padha lestari urip. Yagene kutha iki kudu
dadi jugrugan? 18 Manawa wong-wong iku
pancen nabi, lan padha mundhi pangandikane
Sang Yehuwah, mesthine rak padha nyuwun
kanthi adreng marang Sang Yehuwah, Gustine
kang sarwa dumadi, supaya piranti-piranti
kang isih kari ana ing padalemane Sang
Yehuwah, lan kang ana kratone Sang Nata
ing Yehuda sarta kang ana ing Yerusalem, aja
nganti diangkati menyang ing Babil. 19 Awit
mangkene pangandikane Sang Yehuwah,
Gustine kang sarwa dumadi, bab saka-saka,
wadhah “segaran” lan sanggan, kekarene
piranti-piranti kang ana ing kutha kene, 20 kang
ora dijupuki dening Prabu Nebukadnezar, raja
ing Babil, nalika panjenengane mboyong Sang
Prabu Yekhonya bin Yoyakim, ratu Yehuda

dalah para panggedhene tanah Yehuda lan
kutha Yerusalem, saka Yerusalem menyang
ing Babil, 21 sanyata, mangkene pangandikane
Sang Yehuwah, Gustine kang sarwa dumadi,
Gusti Allahe Israel, bab piranti-piranti kang
isih kari ana ing padalemane Sang Yehuwah,
ing kratone ratu ing Yehuda lan ing Yerusalem:
22 Iku kabeh bakal diusungi menyang ing Babil
lan bakal disimpen ana ing kana nganti tumeka
ing titi-mangsane Ingsun nggalih marang
iku maneh -- mangkono pangandikane Sang
Yehuwah -- sarta ngasta bali maneh menyang
panggonan iki."

Nabi Yeremia nglawan Nabi Hananya

28:1-17

28 1 Ing sajroning taun iku uga, nalika
wiwit jumenenge Sang Prabu Zedhekia,
ratu ing Yehuda, panuju ing sasi kalima,
ing taun kang kaping papate, Nabi Hananya
bin Azur, kang asal saka ing Gibeon iku
pratela marang aku ana ing padalemane Sang
Yehuwah, ana ing ngarepe para imam lan
rakyat kabeh: 2 "Mangkene pangandikane
Sang Yehuwah, Gustine kang sarwa dumadi,
Gusti Allahe Israel: Ingsun wus mutung
pasangane ratu ing Babil iku. 3 Ing sajroning
rong taun iki Ingsun bakal ngulihake sakehing
pirantining padalemane Sang Yehuwah, kang
dijupuk dening Nebukadnezar, ratu ing Babil,
saka ing panggonane lan diusungi menyang
ing Babil. 4 Uga Yekhonya bin Yoyakim, ratu

ing Yehuda tuwin sakehe wong buwangan
saka ing Yehuda kang digawa menyang Babil,
bakal Sunulihake menyang padunungane iki,
-- mangkono pangandikane Sang Yehuwah --.
Lah, Ingsun bakal mutung pasangane ratu ing
Babil iku!”
[5] Nabi Yeremia tumuli ngandika marang Nabi
Hananya ana ing ngarepe para imam lan
rakyat kabeh, kang padha ngadeg ana ing
padalemane Sang Yehuwah. [6] Pangandikane
Nabi Yeremia: “Amin! Muga-muga Sang
Yehuwah tumindak mangkono! Muga-muga
Sang Yehuwah netepi kaya surasane
kang kokwecakake iku mungguh baline
piranti-piranti padalemane Sang Yehuwah lan
sakehe wong buwangan iku saka ing tanah
Babil. [7] Mung bae, kowe padha ngrungokna
tembungku kang bakal daklairake ana ing
ngarepmu lan ing ngarepe rakyat iki kabeh:
[8] Para nabi kang ana sadurunge aku lan
kowe, wiwit biyen mula wus padha nglairake
pameca marang nagara akeh lan karajan
gedhe-gedhe bab perang, bilai lan pageblug.
[9] Nanging mungguh sawijining nabi kang meca
bab tentrem rahayu, manawa pameca iku
kayektenan, lagi disumurupi, yen nabi iku
kautus dening Sang Yehuwah temenan.”
[10] Nabi Hananya nuli njupuk pasangan iku
saka ing janggane Nabi Yeremia, banjur
diputung. [11] Nabi Hananya ngandika ana
ing ngarepe rakyat kabeh: “Mangkene
pangandikane Sang Yehuwah: Iya kaya
mangkono anggoningSun bakal mutung

pasangane Nebukadnezar, ratu ing Babil,
Sunbuwang saka ing gulune para bangsa
sajroning rong taun iki!” Nanging Nabi Yeremia
nuli tindak saka kono.
[12] Sawise Nabi Hananya mutung pasangan
saka ing janggane Nabi Yeremia, ana
pangandikane Sang Yehuwah marang Nabi
Yeremia mangkene: [13] “Sira nemonana
Hananya lan dhawuhana: Mangkene
pangandikane Sang Yehuwah: Sira wus
mutung pasangan kayu, nanging Ingsun
bakal damel pasangan wesi minangka lirune.
[14] Amarga mangkene pangandikane Sang
Yehuwah, Gustine kang sarwa dumadi, Allahe
Israel: Pasangan wesi bakal Sunetrapake ana
ing gulune sakehing bangsa iku, temah bangsa
iku mau padha teluk marang Nebukadnezar,
ratu ing Babil; sanyata, para raja iku mesthi
bakal teluk! Dalah sato kewan ing ara-ara wus
padha Sunparingake.” [15] Nabi Yeremia banjur
ngandika marang Nabi Hananya: “He Hananya,
mara rungokna! Kowe ora diutus dening Sang
Yehuwah, malah kowe ndadekake bangsa
iki ngandel marang doracara, [16] mulane
pangandikane Sang Yehuwah mangkene:
Sanyata, Ingsun bakal nyirnakake sira saka
ing bumi; sajrone taun iki uga sira bakal mati,
marga sira wus ngajak murtad saka ngarsane
Sang Yehuwah.”
[17] Nabi Hananya seda ing taun iku uga, ing
nalika sasi kapitu.

Layang kiriman marang para wong buwangan ing tanah Babil

29:1-23

29 1 Iki ijoane layang kang dikirimake
dening Nabi Yeremia saka ing
Yerusalem marang para sepuh-sepuh kang
padha kabuwang, marang para imam, para
nabi lan sakehing wong kang kabuwang
dening Sang Prabu Nebukadnezar saka
ing Yerusalem menyang ing Babil. 2 Iku
kelakone sawise Sang Prabu Yekhonya dalah
kang ibu Prameswari tedhak menyang ing
sajabaning Yerusalem, kadherekake para
abdi dalem kraton, para panggedhe Yehuda
lan Yerusalem, apadene para tukang lan
pandhe. 3 Layang iki dikirimake lumantar
Elasa bin Safan lan Gemarya bin Hilkia, kang
diutus dening Sang Prabu Zedhekia, ratu
ing Yehuda, menyang Babil, menyang ing
ngarsane Sang Prabu Nebukadnezar, ratu ing
Babil. Surasane: 4 "Mangkene pangandikane
Sang Yehuwah, Gustine kang sarwa dumadi,
Allahe Israel, marang wong buwangan kabeh,
kang diangkatake menyang ing pambuwangan
saka Yerusalem menyang Babil. 5 Sira padha
ngadegna omah lan sira enggonana, sira
gawea pakebonan, kang kena sira pangan
pametune. 6 Padha omah-omaha supaya
duwea anak lanang lan wadon; anakira
lanang padha rabekna, anakira wadon,
omah-omahna, supaya padha duwe anak

lanang lan wadon, supaya sira ana ing kana
tangkar-tumangkara, lan aja nganti suda!
7 Padha ngudia marang karaharjaning kutha,
ing ngendi parane anggoningSun mbucal sira,
sarta ndongakna kutha-kutha iku marang
Sang Yehuwah, amarga tata-tentreming kutha
iku uga dadi karaharjanira dhewe. 8 Sanyata,
mangkene pangandikane Sang Yehuwah,
Gustine kang sarwa dumadi, Gusti Allahe
Israel: Sira aja gelem diapusi dening para
nabinira, kang ana ing tengahira, apadene
dening para juru petungira, lan aja nggugu
marang impen, kang diimpekake! 9 Amarga
para wong iku padha meca dora marang sira
atas asmaningSun. Ingsun ora ngutus para
wong iku. Mangkono pangandikane Sang
Yehuwah.
10 Amarga mangkene pangandikane Sang
Yehuwah: Samangsa wus ganep pitung
puluh taun tumrap Babil, Ingsun lagi
nggalih marang sira. Ingsun bakal nuhoni
prasetyaningSun marang sira, ngulihake sira
marang panggonan kene. 11 Awit Ingsun
iki nguningani rancanganingSun tumrap
sira, yaiku: rancangan tentrem rahayu lan
dudu rancangan bilai, yaiku supaya sira
kebak pangarep-arep kang becik tumrap
ing besuke, -- mangkono pangandikane
Sang Yehuwah --. 12 Lan samangsa sira
sesambat lan sowan kanthi panyuwun
marang Ingsun, Ingsun iya bakal nyembadani
panyuwunira iku. 13 Samangsa sira ngupaya
marang Ingsun, bakal ketemu lawan Ingsun;

manawa sira nakokake marang Ingsun
kalawan gumolonging atinira, 14 Ingsun bakal
marengake sira ketemu kalawan Ingsun, --
mangkono pangandikane Sang Yehuwah --,
lan Ingsun bakal mulihake kaananira lan
ngempalake sira saka ing antarane para
bangsa lan saka sadhengaha panggonan
anggoningSun mbuyarake sira, -- mangkono
pangandikane Sang Yehuwah -- lan Ingsun
bakal ngulihake sira menyang ing panggonan,
saka nggoningSun mbucal sira.
15 Pancen pangucapira: Sang Yehuwah wus
ngangkat para nabi kanggo aku kabeh ana ing
Babil.
16 Lah mangkene pangandikane Sang
Yehuwah bab ratu kang lenggah ing dhampare
Sang Prabu Dawud lan sakehing rakyat
kang manggon ana ing kutha iki, yaiku
para sadulurmu kang ora katut digawa
metu menyang pambuwangan. 17 Mangkene
pangandikane Sang Yehuwah, Gustine kang
sarwa dumadi: Lah Ingsun bakal ngintunake
pedhang, pailan lan pageblug ana ing tengahe
lan Ingsun bakal ndadekake wong iku kaya
woh anjir kang bosok, kang marga saka eleke
nganti ora kena dipangan. 18 Ingsun bakal
mbujeng wong-wong iku kalawan pedhang,
pailan lan pageblug lan Sundadekake pagiris
tumrap sakehing karajan ing bumi, dadi
dununging ipat-ipat lan marganing miris,
poyokan lan cecampahan ana ing antarane
para bangsa kang dadi paraning anggoningSun
mbuyarake wong-wong iku, 19 minangka

paukuman tumrap anggone padha ora
ngrungokake marang dhawuhingSun, --
mangkono pangandikane sang Yehuwah --,
kang wus Sunparingake marang para wong
iku tanpa kendhat lumantar para abdiningSun,
yaiku para nabi, nanging sira ora padha
ngrungokake, -- mangkono pangandikane
Sang Yehuwah --. 20 Nanging padha rungokna
pangandikane Sang Yehuwah, heh sira kabeh
wong buwangan, kang wus Sunkintunake saka
Yerusalem menyang ing tanah Babil!
21 Mangkene pangandikane Sang Yehuwah,
Gustine kang sarwa dumadi, Gusti Allahe
Israel, mungguh Akhab bin Kolaya, lan
Zedhekia bin Maaseya, wong kang padha
meca dora marang sira atas asmaningSun:
Lah Ingsun bakal ngulungake wong-wong iku
marang tangane Nebukadnezar, ratu ing Babil,
bakal padha dipateni ana ing ngarepira dhewe,
22 temah iku bakal didadekake ipat-ipat dening
sakehe wong buwangan saka Yehuda kang
padha ana ing Babil, mangkene ujare: Kareben
Sang Yehuwah nandukake marang kowe kaya
Zedhekia lan Akhab kang padha dipanggang
ing geni dening ratu ing Babil!, 23 amarga
saka anggone nglakoni duraka ana ing Israel,
laku bandrek karo bojoning pepadhane,
lan ngucapake doracara kalawan nyebut
asmaningSun, mangka iku ora Sundhawuhake
marang wong-wong iku. Ingsun piyambak
nguningani lan nekseni piyambak prakara iku.
Mangkono pangandikane Sang Yehuwah.”

Tanggapane sawijining wong buwangan tumrap layange Nabi Yeremia

29:24-32

24 Marang Semaya, wong Nekhelam iku,
sira kandhaa mangkene: 25 "Mangkene
pangandikane Sang Yehuwah, Gustine
kang sarwa dumadi, Gusti Allahe Israel:
Sarehne sira wus kirim layang atas jenengira
dhewe, marang sakehing wong kang ana ing
Yerusalem, yaiku marang Imam Zefanya bin
Maaseya lan para imam kabeh, surasane:
26 Sang Yehuwah wus ngangkat sira dadi
imam nggenteni Imam Yoyadha, supaya sira
dadi juru ngawat-awati ana ing padalemane
Sang Yehuwah, supaya mbelok sadhengah
wong owah kang ngaku nabi lan ngalungi
rante wesi wong iku ing gulune, 27 mulane,
yagene sira saiki kok ora nyaruwe Yeremia
wong Anatot iku, kang ngaku nabi ana ing
antaramu? 28 Wong iku rak kirim piweling
marang aku kabeh kang ana ing Babil, unine:
Anggonmu ana ing pambuwangan iku isih
suwe. Ngadegna omah, kang kokenggoni,
gawea pakebonan, kang kena kokpangan
pametune!"

29 Layang iki diwacakake Imam Zefanya,
marang Nabi Yeremia. 30 Nuli ana
pangandikane Sang Yehuwah marang
Nabi Yeremia mangkene: 31 "Ngirimna piweling
marang sakehing wong buwangan iku:
Mangkene pangandikane Sang Yehuwah

mungguh Semaya wong ing Nekhelam iku:
Sarehne Semaya wis meca marang sira,
sanadyan ora Sunutus, lan marakake sira
padha pracaya marang doracara, 32 mulane
pangandikane Sang Yehuwah mangkene:
Lah Ingsun bakal ndhawahake paukuman
marang Semaya, wong ing Nekhelam iku,
lan saturun-turune; kulawargane siji bae ora
ana kang bakal manggon ing tengahe bangsa
iki lan nyumurupi kabecikan, kang bakal
Suntandukakake marang umatingSun, amarga
wong iku ngajak murtad saka ing ngarsane
Sang Yehuwah. Mangkono pangandikane Sang
Yehuwah."

Janji mulihake Israel

30:1-24

30 1 Pangandikane Sang Yehuwah
marang Nabi Yeremia: 2 "Mangkene
pangandikane Sang Yehuwah, Gusti
Allahe Israel: Sakehe pangandika kang
Sundhawuhake marang sira iku tulisen ana
ing buku. 3 Sabab lah, bakal tumeka ing
wektune, -- mangkono pangandikane Sang
Yehuwah --, Ingsun bakal mulihake kaanane
umatingSun Israel lan Yehuda -- pangandikane
Sang Yehuwah -- lan Ingsun bakal mbalekake
para wong iku menyang ing tanah kang wus
Sunparingake marang para leluhure lan bakal
ndarbeni iku."
4 Iki pangandikane kang didhawuhake dening
Sang Yehuwah bab Israel lan Yehuda:

5 “Lah, Ingsun wus padha miyarsa,
panjerit marga saka wedi,
pagiris lan ora ana katentreman,
-- mangkono pangandikane Sang Yehuwah --.
6 Coba takona lan titipriksanen,
apa ana wong lanang kang nglairake anak?
Geneya Sunpirsani sadhengah wong lanang
numpangake tangane ing lambunge kaya patrape wong wadon, kang nglarani?
Geneya polatane padha katon pucet?
7 Adhuh, iba ta anggone nggegirisi dina iku,
ora ana tandhinge;
iku dina karubedan tumrap Yakub,
nanging bakal linuwaran.
8 Ing dina iku, -- mangkono pangandikane
Sang Yehuwah, Gustine kang sarwa dumadi
--, Ingsun bakal mutung pasangane saka ing
gulune wong-wong iku lan medhoti tali-taline
kang ningseti lan wong iku bakal ora padha
ngawula maneh marang wong ngamanca.
9 Wong iku bakal padha ngabdi marang Sang
Yehuwah, Gusti Allahe lan marang Dawud,
ratune kang bakal Sunjumenengake.
10 He abdiningSun Yakub, sira aja wedi,
-- mangkono pangandikane Sang Yehuwah --,
he Israel, sira aja miris!
Amarga, lah Ingsun ngluwari sira saka ing panggonan adoh,
lan turunira saka ing nagaraning pambuwangan.

Yakub bakal mulih lan uripe bakal jenjem lan tentram,
ora ana kang ngeget-egeti.
11 Amarga Ingsun nunggil klawan sira,
-- mangkono pangandikane Sang Yehuwah --,
prelu mitulungi sira.
Sakehing bangsa kang Sunpasrahi sira ana ing satengahe,
iku bakal Sunsirnakake,
nanging sira ora bakal Suntumpes tapis.
Ingsun bakal nggebagi sira wewaton angger-angger,
nanging Ingsun babar pisan ora nganggep sira tanpa kaluputan.
12 Sanyata, mangkene pangandikane Sang Yehuwah:
Laranira wus banget,
tatunira ora bisa ditambani!
13 Ora ana kang mbelani wewenangira,
ora ana tambane wudunira,
sira ora bakal bisa mari!
14 Sakehe wong kang dhemen marang sira,
wus padha lali marang sira,
wus ora ana kang nakokake sira maneh.
Lah Ingsun wus nggebagi sira
kaya patraping satru
klawan gebugan kang wengis.
Amarga kaluputanira akeh,
sarta akeh cacahe dosanira.
15 Yagene sira sambat-sambat marga saka laranira,
saka perihira kang banget?

Sarehne kaluputanira akeh,
sarta akeh banget cacahe dosanira,
mulane Ingsun nandukake iku kabeh marang sira.
16 Nanging kabeh kang nguntal sira, bakal kauntal dhewe,
lan sakehing satrunira bakal padha lumebu ing tawanan;
wong kang ngrayah sira, bakal padha dadi rayahan,
lan sakehing wong kang njarah sira bakal padha Sundadekakake jarahan.
17 Amarga Ingsun bakal maluyakake sira,
Ingsun bakal ngusadani memalanira,
-- mangkono pangandikane Sang Yehuwah --,
amarga wong iku padha ngarani sira wong buwangan,
yaiku kekarene kang ora ana kang nakokake babar pisan.
18 Mangkene pangandikane Sang Yehuwah:
Lah, Ingsun bakal mulihake kaanane tarub-tarube Yakub,
lan melasi papan-papan panggonane;
kutha iku bakal dibangun maneh ana ing sadhuwure jugrugane,
lan kratone bakal ngadeg ana ing panggonane lawas.
19 Kidung panuwun bakal keprungu ana ing satengahe,
uga swarane wong sukarena,
Ingsun bakal ndadekakake tangkar-tumangkar,
lan ora bakal suda maneh.

Ingsun bakal ndadekake wong iku padha linuhurake
lan ora disepelekake maneh!
20 Anak-anake bakal dadi padha kaya biyen,
lan pasamuwane bakal tetep lestari ana ing ngarsaningSun.
Ingsun bakal ngukum sakehing wong kang padha meres.
21 Wong kang ngereh bakal jumedhul saka ing antarane wong-wong iku dhewe
lan wong kang ngwasani bakal muncul saka ing tengahe;
Ingsun bakal damel bisa seba wong iku,
lan cedhak kalawan Ingsun.
Amarga sapa kang wani ngetohake nyawane
supaya cedhak kalawan Ingsun?
Mangkono pangandikane Sang Yehuwah.
22 Dene sira bakal dadi umatingSun
lan Ingsun dadi Allahira."
23 Delengen! Angin praharane Sang Yehuwah,
yaiku bentering bebendune,
wus miyos nyamber-nyamber,
-- angin lesus --
lan nempuh sirahe para wong duraka.
24 Bebendune Sang Yehuwah kang mulad-mulad iku
ora bakal sirep,
nganti apa kang wus rinancang ana ing galihe
wus kaleksanan lan maujud;
ing wekasaning jaman sira bakal ngreti bab iku.

Prajanjian anyar

31:1-40

31 1 “Pangandikane Sang Yehuwah
mangkene: Ing wektu iku Ingsun bakal
dadi Allahe sakehing kulawarga trah Israel lan
iku kabeh bakal dadi umatingSun.
2 Mangkene pangandikane Sang Yehuwah:
Kekarening bangsa kang kalis ing pedhang
oleh sihpiwelas ana ing ara-ara samun!
Israel lunga ngupaya katentremane!
3 Sang Yehuwah ngatingali aku saka ing
kadohan, pangandikane:
Ingsun ngasihi sira klawan katresnan kang
langgeng,
mulane Ingsun nglestarekake sih-
susetyaningSun marang sira.
4 Ingsun bakal mbangun sira maneh,
temah sira binangun,
he putri Israel!
Sira bakal ngrerengga awakira maneh
kinanthen trebang,
lan metu kalawan jejogedan asukarena.
5 Sira bakal gawe kebon anggur maneh
ana ing pagunungan Samaria;
dene para wong kang padha gawe iku
bakal ngundhuh pametune uga.
6 Lah bakal tumeka ing titi-mangsane
para wong kang jaga bakal padha
nguwuh-uwuh ana ing pagunungan
Efraim:
Payo, padha munggah menyang ing Sion

sowan ing ngarsane Sang Yehuwah, Gusti
Allah kita!
7 Amarga mangkene pangandikane Sang
Yehuwah:
Padha surak-suraka tumrap Yakub klawan
sukarena,
bungah-bungaha ing bab panggedhening
para bangsa!
Wartakna, memujia lan kandhakna:
Sang Yehuwah wus mitulungi umate,
yaiku kekarene Israel!
8 Lah, Ingsun bakal ngirid para wong iku
saka ing tanah lor,
lan bakal ngumpulake wong-wong iku saka
ing
poncoting bumi,
panunggalane ana kang picak lan lumpuh,
ana wonge wadon kang lagi ngandheg
bareng karo kumpulane wong kang nglairake
anak;
baline mrene dadi pasamuwan kang
gedhe.
9 Tekane wong-wong iku kambi nangis,
Ingsun bakal nganthi wong-wong iku
klawan paring panglipur;
Ingsun bakal ngirid lakune menyang ing
kali-kali, liwat ing dalan kang rata, ana
ing kono ora bakal padha kesandhung;
amarga Ingsun wus dadi ramane Israel,
dene Efraim iku putraningSun pembayun.
10 He para bangsa, padha rungokna
pangandikane Sang Yehuwah,

iku undhangna ing tanah-tanah pesisir
kang adoh,
kandhakna: Panjenengane kang wus
mbuyarake Israel
karsa ngempalake maneh
lan rumeksa kaya pangon marang
pepanthaning wedhuse.
11 Amarga Sang Yehuwah wus ngluwari
Yakub,
wus nebus saka ing tangane wong kang
luwih rosa.
12 Mulane bakal padha teka karo surak-surak
ana ing tenggere Sion,
sarta polatane sumringah,
marga saka kamirahane Sang Yehuwah,
kang arupa gandum, anggur lan lenga,
apadene cempe-cempe lan sapi-sapi;
uripe bakal kaya taman kang kaoncoran
banyu,
sarta ora bakal katon nglayung maneh.
13 Ing wektu iku prawan-prawan padha
seneng-seneng
jejogedan asukarena
wong anom lan wong tuwa bakal padha
sumyak-sumyak.
Ingsun bakal nyantuni rudatine dadi
kabungahan,
nglipur lan mbungahake wong-wong iku
sawise padha nandhang prihatin.
14 Ingsun bakal maregi nyawane para imam
kalawan kaluberan,
umatingSun bakal Sunwaregi kalawan
kamirahaningSun.

Mangkono pangandikane Sang Yehuwah.
15 Mangkene pangandikane Sang Yehuwah:
Rongokna! Ing Rama keprungu swaraning tangis,
tangis kang ngeres-eresi.
Rakhel nangisi anak-anake,
lumuh linipur jalaran saka anak-anake,
amarga wus padha ora ana maneh.
16 Mangkene pangandikane Sang Yehuwah:
Ampeten anggonira nangis,
lan ampeten dlewering luh saka ing mripatira,
amarga tumrap kangelanira ana ganjarane,
-- mangkono pangandikane Sang Yehuwah --,
anak-anakira bakal mulih
saka ing nagaraning mungsuh.
17 Isih ana pangarep-arep tumrap ing besuk kanggo sira,
anak-anakira bakal mulih menyang ing tlatahe dhewe,
-- mangkono pangandikane Sang Yehuwah --.
18 Ingsun wus miyarsa temenan panangise Efraim:
Paduka sampun ngrangket kawula,
saha kawula sampun nampeni pangrangket punika,
kados pedhet ingkang boten linatih.
Kawula mugi Paduka wangsulaken,
supados kawula mratobat,
amargi Paduka punika Sang Yehuwah,
Gusti Allah kawula.

19 Sayektos, sareng kawula mratobat,
kawula getun,
sareng kawula ngretos menggah badan
kawula piyambak,
kawula ceblek-ceblek cethik kawula,
minangka pratandhaning prihatos,
kawula rumaos isin lan wirang,
amargi kawula nandhang kanisthan
ing wekdal nem-neman kawula.
20 Apa Efraim iku dudu putraningSun kang
kinasih
utawa bocah klangenaningSun?
Sabab samangsa Sunwelehake,
Ingsun tansah kengetan marang dheweke,
marga saka iku panggalihingSun trenyuh,
ora kena ora Ingsun mesthi bakal paring
piwelas.
Mangkono pangandikane Sang Yehuwah.
21 Sira ngadegna tugu-tugu ing ratan kanggo
sira,
lan masanga tandha-tandha dalan,
waspadakna dalan gedhe kang temenan,
yaiku dalan kang wus sira liwati!
Balia, he para kenya Israel,
balia menyang ing kutha-kuthanira kene!
22 He bocah wadon kang wangkot,
isih pira suwene anggonira monga-mangu?
Amarga Sang Yehuwah nitahake kang anyar
ana ing bumi:
wong wadon ngrangkul wong lanang.”
23 Pangandikane Sang Yehuwah, Gustine kang
sarwa dumadi, Gusti Allahe Israel, mangkene:
“Samangsa Ingsun wus mulihake kaanane

para wong iku, wong bakal ngucapake tetembungan iki maneh ana ing tanah Yehuda lan ing kutha-kuthane:

He papan panggonaning kabeneran,
he gunung kang suci,
Sang Yehuwah muga mberkahana sira!

24 Yehuda dalah sakabehe kutha-kuthane
bakal tetep lestari ana ing prenahe, apadene
para wong tani, para kang nglembara klawan
pepanthaning kewane. 25 Amarga Ingsun bakal
damel segere wong kang sayah, lan wong
kang ngenes bakal Sunwaregi."

26 Mulane aku tangi lan ndeleng; anggonku
turu kapenak.

27 "Lah, bakal tumeka ing titi-mangsane,
-- mangkono pangandikane Sang Yehuwah
--, Ingsun bakal ngluberi gotrahe Israel lan
Yehuda klawan wiji manungsa lan kewan.
28 Kayadene ing maune Ingsun cepak-cepak
nedya mbedhol lan ngebrukake para wong
iku, supaya bubrah, rusak lan cilaka, kaya
mangkono uga Ingsun karsa mbangun lan
nenanem. Mangkono pangandikane Sang
Yehuwah.

29 Ing wektu iku bakal ora ana wong kang
ngucap maneh:

Para bapa padha mangan woh mentah,
anak-anake padha linu untune,

30 nanging: Saben wong bakal mati marga
saka durakane dhewe; saben wong kang
mangan woh mentah, untune dadi linu.

31 Mangkene pangandikane Sang Yehuwah:
Lah bakal tumeka ing titi-mangsane, Ingsun

bakal damel prajanjian anyar karo wong
Israel lan Yehuda, 32 ora kaya prajanjian
kang Sundamel karo leluhure, nalika Ingsun
nganthi tangane, ing wektu ngentasake para
wong iku saka ing tanah Mesir; prajanjian
iku wus diselaki; sanadyan Ingsun jumeneng
Gusti, kang nguwasani wong-wong iku, --
mangkono pangandikane Sang Yehuwah --.
33 Nanging prajanjian kang bakal Sundamel
karo wong Israel, sawuse wektu iku, --
mangkono pangadikane Sang Yehuwah -- iku
mangkene: ToretingSun bakal Sunparingake
ana ing batine, sarta Sunserat ana ing atine;
Ingsun banjur bakal jumeneng dadi Allahe lan
wong-wong iku bakal padha dadi umatingSun.
34 Apadene ora prelu wong aweh piwulang
maneh marang pepadhane, utawa sadulure
mangkene: Kowe wanuha marang Sang
Yehuwah! Amarga wong iku kabeh, gedhe
cilik, bakal padha wanuh marang Ingsun, --
mangkono pangandikane Sang Yehuwah --,
awit kaluputane bakal Sunapura lan dosane
wus ora Sunengeti maneh.”

35 Mangkene pangandikane Sang Yehuwah,
kang maringi srengenge kagawe madhangi
awan
kang netepake rembulan lan lintang-lintang
kanggo madhangi bengi,
lan ngebur sagara, nganti alune molak-malik,
-- asmane Sang Yehuwah, Gustine kang
sarwa dumadi --:
36 “Kayadene katemtuan iku anggone ora
bakal gumingsir saka ing ngarsaningSun,

-- mangkono pangandikane Sang Yehuwah
--,
iya kaya mangkono uga trahe Israel ora
bakal pegat-pegat anggone dadi bangsa
ana ing ngarsaningSun
ing sauruting jaman.
37 Mangkene pangandikane Sang Yehuwah:
Kayadene langit ora kena ingukur,
lan dhasar-dhasaring bumi ngisor ora bisa
katiti-priksa,
mangkono uga Ingsun ora bakal nampik
sakehing tedhak turune Israel, marga
sakehing panggawene.
Mangkono pangandikane Sang Yehuwah.
38 Lah bakal tumeka ing titi-mangsane, --
mangkono pangandikane Sang Yehuwah --
kutha iku bakal kabangun maneh konjuk
marang Sang Yehuwah, wiwit saka ing menara
Hananeel tutug ing Gapura Pojok, 39 sarta
pangukure katerusake tekan ing tengger
Gareb, banjur menggok marang Goa, 40 lan
sawratane lebak iku dalah mayit-mayit lan
awune kurbane, apadene sakehing palemahan
ing sapinggiring kali Kidron nganti tekan ing
pojoking Gapura Kuda, mangetan, iku bakal
dadi sesengkerane Sang Yehuwah. Wong ora
bakal mbubrah utawa ngrubuhake maneh ana
ing kang ing salawase.”

Panukone pategalan minangka tanggungan tumrap karaharjane Yehuda kang bakal kelakon

32:1-44

32 1 Pangandikane Sang Yehuwah marang
Nabi Yeremia ing tahun kang kaping
sapuluhe jumenenge Sang Prabu Zedhekia,
ratu ing Yehuda, iku taun kang kaping wolulase
jumenenge Sang Prabu Nebukadnezar.
2 Ing wektu iku wadya-balane ratu ing Babil
ngepung kutha Yerusalem, dene Nabi Yeremia
kinunjara ana ing plataraning pajagan ing
kratone ratu ing Yehuda. 3 Nabi Yeremia
anggone kakunjara ana ing kono dening Sang
Prabu Zedhekia, ratu ing Yehuda iku, awit
kadakwa meca mangkene: "Yagene sira meca:
Mangkene pangandikane Sang Yehwuah: Lah,
Ingsun bakal ngulungake kutha iki marang
tangane ratu ing Babil, supaya diebroki;
4 Zedhekia, ratu ing Yehuda, bakal ora bisa
oncat saka tangane wong ing Kasdim nanging
mesthi bakal diulungake marang ratu ing Babil,
temah dheweke bakal sapocapan adu arep,
sarta pandeng-pandengan karo dheweke.
5 Zedhekia bakal kaangkatake menyang ing
Babil lan bakal manggon ana ing kana, nganti
Ingsun nggalih marang dheweke, -- mangkono
pangandikane Sang Yehuwah --. Manawa sira
perang nglawan wong ing Kasdim iku, sira ora
bakal begja!"

6 Pangandikane Nabi Yeremia: “Aku
wus kadhawuhan dening Sang Yehuwah,
mangkene: 7 Lah, Hanameel, anake Salum,
pamanira, bakal nemoni sira kalawan usul:
Pategilan kula ingkang wonten ing Anatot,
sampeyan tumbas, amargi sampeyan ingkang
gadhah hak-nebus lan numbas. 8 Sawuse
mangkono cundhuk karo pangandikane
Sang Yehuwah, Hanameel, nakdulurku, nuli
nemoni aku ana ing plataraning pajagan lan
ngusulake marang aku: Pategilan kula ingkang
wonten ing Anatot, ing tlatahipun Benyamin,
sampeyan tumbas, amargi sampeyan
ingkang gadhah hak-ndarbeni lan hak-nebus;
sampeyan tumbas punika! Aku banjur ngreti,
yen prakara iku saka Sang Yehuwah. 9 Dadine
aku nuku palemahan, kang ana ing Anatot
iku saka tangane Hanameel, anake pamanku
mau lan nimbang dhuwite pitulas sekel salaka.
10 Aku nulis layang pratandha dol-tinuku,
kang nuli kaecap lan kaseksekake, dhuwite
banjur daktimbang ana ing traju. 11 Aku
banjur njupuk layang pratandha dol-tinuku,
iya kang kaecap, iya turunane kang bukakan.
12 Aku nuli masrahake layang pratandha mau
marang Barukh bin Neria bin Makhseya ana
ing ngarepe Hanameel, anake pamanku iku,
ana ngarepe para seksi kang padha melu
nandha-tangani layang pratandha mau, lan
ana ngarepe kabeh wong Yehuda kang ana ing
plataraning pajagan kono. 13 Ana ing ngarepe
para wong iku aku meling marang Barukh,
tembungku: 14 Mangkene pangandikane Sang

Yehuwah, Gustine kang sarwa dumadi, Gusti Allahe Israel: Layang-layang iki jupuken iya kang mawa ecap, iya turunane kang bukakan, kabeh dokokna ana ing wadhah grabah supaya
awet suwe. 15 Amarga mangkene pangadikane
Sang Yehuwah, Gustine kang sarwa dumadi, Gusti Allahe Israel: Wong bakal tuku omah, pategalan lan kebon anggur maneh ana ing nagara kene.
16 Layang pratandha iku sawuse
dakpasrahake marang Barukh bin Neria, aku
nuli ndedonga, aturku: 17 Dhuh Pangeran
Yehuwah! Saestu Paduka punika ingkang nitahaken langit tuwin bumi, kaliyan karosan Paduka ingkang ageng, lan asta Paduka ingkang kaegaraken. Boten wonten barang
ingkang mokal kagem Paduka! 18 Paduka
ingkang ngatingalaken sih-susetya Paduka dhateng tiyang ewon-ewon, ingkang malesaken dosanipun bapa dhateng anak-anakipun ing sapengkeripun. Dhuh Gusti Allah ingkang agung tuwin kuwaos, asma Paduka punika ingkang sinebut Sang Yehuwah,
Gustinipun ingkang sarwa dumados. 19 Agung
rancangan Paduka saha agung pakaryan Paduka; tingal Paduka ngudaneni sadaya tindak-tanduking anakipun manungsa lan paring ganjaran dhumateng saben tiyang timbang kaliyan tindak-tanduk miwah wohing
pandamelipun. 20 Paduka punika ingkang
ngatingalaken pratandha tuwin kaelokan wonten ing tanah Mesir, ngantos dumugi ing dinten punika dhateng Israel lan dhateng umat

manungsa, temah asma Paduka kasuwur,
kados ingkang kacetha ing dinten punika.
21 Paduka sampun ngentasaken umat Paduka
Israel saking tanah Mesir klayan pratandha
tuwin kaelokan, srana asta ingkang rosa saha
kaacungaken, sarta kanthi pagiris ingkang
ngebat-ebati. 22 Punapadene Paduka sampun
maringi tanah punika kados ingkang Paduka
prasetyakaken klayan supaos, dhateng para
leluhuripun, bilih badhe Paduka paringaken,
tanah ingkang luber puwan saha maben.
23 Wasana sami mlebet ing tanah punika,
ingkang lajeng dipunejegi, nanging sami
boten ngestokaken dhateng dhawuh Paduka,
boten miturut dhateng Toret Paduka; sami
boten nglampahi sadaya ingkang Paduka
dhawuhaken, supados dipun lampahi.
Milanipun Paduka ndhawahaken sadaya bilai
punika. 24 Lah, tembok-tembok ingkang badhe
kadamel ngepang lan mbedhah kitha punika
sampun celak; kalayan pedhang, pailan
lan pageblug kitha punika sampun dipun
ulungaken dhateng tiyang Kasdim ingkang
sami nempuh. Ingkang Paduka ngandikakaken
punika sampun kaleksanan; Paduka piyambak
sampun nguningani. 25 Ewadene Paduka, dhuh
Pangeran Yehuwah, sampun ngandika dhateng
kawula: Pategalan iku tukunen kalawan salaka
sarta seksekna. -- Mangka kitha punika
sampun kaulungaken dhateng tanganipun
tiyang Kasdim.”

26 Pangandikane Sang Yehuwah marang Nabi
Yeremia mangkene: 27 “Sanyatane, Ingsun

iki Yehuwah, Gusti Allahe sakehing titah;
apa ana barang kang mokal tumrap Ingsun?
28 Mulane mangkene pangandikane Sang
Yehuwah: Lah, Ingsun maringake kutha iki
marang tangane wong Kasdim lan marang
Nebukadnezar, ratu ing Babil, lan dheweke
bakal mbedhah kutha iki. 29 Kutha iki bakal
kaobong lan kadadekake areng dening wong
Kasdim kang merangi, dalah omah-omah
kang payone kanggo papan kekutug nyembah
marang brahala Baal lan kanggo gawe sesajen
omben-omben marang allah liyane, kanggo
nukulake gerahing galihingSun. 30 Amarga
wong Israel lan wong Yehuda mung tansah
nglakoni kang ala ana ing ngarsaningSun wiwit
nom-noman mula, sanyata, wong Israel mung
tansah nuwuhake gerahing panggalihingSun
srana panggawening tangane, -- mangkono
pangandikane Sang Yehuwah --. 31 Lan
kutha iki wiwit madege nganti saprene
tansah marakake duka lan mulad-mulading
bebenduningSun, mulane mesthi Sunbengkas
saka ing ngarsaningSun, 32 marga saka
sakehing piala kang dilakoni dening wong
Israel lan Yehuda, kang nukulake gerahing
panggalihingSun, sarta dening para wong iku
dhewe, para ratune, para panggedhene, para
imame, para nabine, wong Yehuda lan wong
kang manggon ing kutha Yerusalem. 33 Wong
iku padha nyingkur Ingsun lan ora madhep
marang Ingsun, lan sanadyan anggoningSun
merdi tanpa kendhat, lumuh ngrungokake lan
nanggapi pamerdiningSun. 34 Dewa-dewane

kang marakake najis dipapanake ana
ing padalemaningSun, kang ing dhuwure
asmaningSun sinebut, kanggo najisake
iku. 35 Padha ngadegake tengger-tengger
pangurbanan kanggo nyembah marang
Baal ana ing Lebak Ben-Hinom, sarana
ngobong anak-anake lanang lan wadon
minangka kurban marang Molokh, kadadekake
kurban ing geni, sanadyan Ingsun ora tau
ndhawuhake lan babar pisan ora tau tuwuh
ana ing panggalihingSun, yaiku bab nindakake
kanisthan iki, temah Yehuda tumiba ing dosa.
36 Mulane mangkene pangandikane Sang
Yehuwah, Gusti Allahe Israel -- tumrap kutha
iki kang kokarani: wus diulungake marang
tangane ratu ing tanah Babil, marga saka
pedhang, pailan lan pageblug: 37 Sanyatane,
Ingsun ngempalake para wong iku saka
ing sakehing nagara, papan anggoningSun
mbuyarake marga saka dukaningSun, mulad-
mulading bebenduningSun lan gedhening
pamuringingSun, lan Ingsun bakal ngulihake
para wong iku mrene lan Sundamel tentrem
pamanggone. 38 Para wong iku padha dadi
umatingSun lan Ingsun jumeneng dadi Gusti
Allahe. 39 Karo maneh Ingsun bakal maringi
padha tunggal budi lan tunggal tindak-tanduk,
temah padha sumuyud marang Ingsun ing
sauruting jaman murih becike saturun-turune
besuk. 40 Ingsun bakal damel prasetyan
langgeng kalawan umatingSun iku, manawa
Ingsun ora bakal nilar, nanging bakal damel
becik. Ingsun bakal paring ati kang wedi-asih

marang Ingsun, supaya aja ngedohi Ingsun.
41 Ingsun bakal karenan damel becik marang
wong-wong iku, marga saka wong-wong iku,
sarta Sundamel tuwuh ana ing nagara kene
kalawan setya, kalawan gumolonging galih lan
gumolonging nyawaningSun.
42 Amarga mangkene pangandikane
Sang Yehuwah: “Kayadene anggoningSun
ndhatengakake sakehing kasangsaran kang
ngebat-ebati marang bangsa iki, iya kaya
mangkono uga anggoningSun ndhatengake
kabegjan, kang wus Sunprasetyakake. 43 Wong
bakal tuku palemahan maneh ana ing nagara
kene, kang kokarani: Iku papan cengkar kang
ora didunungi manungsa lan kewan, iku wus
diulungake marang ing tangane wong Kasdim!
44 Wong bakal tuku pategalan kalawan salaka,
nulis layang bab doltinuku kang ingecap lan
sineksekake ana ing tlatah Benyamin, ing
sakubenge Yerusalem, ing kutha-kuthane
Yehuda, ing kutha-kutha Pagunungan lan
ing kutha-kutha ing Tanah Negeb. Amarga
Ingsun bakal mulihake kaanane para wong
iku. Mangkono pangandikane Sang Yehuwah.”

Prasetya bab mulihake kaanane kutha Yerusalem lan Yehuda

33:1-13

33 1 Pangandikane Sang Yehuwah marang
Nabi Yeremia kang kaping pindhone,
nalika isih kinunjara ana ing plataraning
pajagan, wirasane: 2 “Mangkene pangandikane

Sang Yehuwah, kang nitahake bumi sarana
mangun lan njejegake -- Sang Yehuwah iku
asmane --: 3 Sesambata marang Ingsun,
Ingsun mesthi bakal maringi wangsulan
marang sira, lan Ingsun bakal paring sumurup
marang sira, prakara-prakara kang gedhe
lan kang sinamar, yaiku bab-bab kang
ora sira sumurupi. 4 Amarga -- mangkono
pangandikane Sang Yehuwah, Gusti Allahe
Israel --, mungguh omah-omah kang ana
ing kutha iki lan gedhong-gedhonging
kratone Sang Nata ing Yehuda kang dibubrah
kanggo nanggulangi tembok-temboking
pangepungane mungsuh lan pedhang:
5 Wong bakal mangsah perang nglawan
wong ing Kasdim lan kutha iki bakal kebak
mayiting manungsa kang wus Sunpateni
marga saka dukaningSun lan mulad-mulading
bebenduningSun, awit Ingsun wus nyingidake
wadananingSun saka ing kutha iki, marga
saka sakehing pialane. 6 Lah, Ingsun bakal
nuwuhake kawarasan lan kawaluyan sarta
Ingsun bakal maluyakake wong iku lan
paring karaharjan sarta katentreman nganti
luber-luber. 7 Ingsun bakal mulihake kaanane
Yehuda lan Israel lan bakal Sunbangun maneh
kaya ing maune. 8 Ingsun bakal nucekake
para wong iku saka ing sakabehe kaluputane
kang dilakoni, anggone nindakake dosa ana
ing ngarsaningSun lan Ingsun bakal ngapura
sakehing kaluputan kang dilakoni kalawan
anggone nindakake dosa lan anggone mbalela
marang Ingsun. 9 Lan kutha iki bakal dadi

bakuning kabungahan, kasuwur lan dadi
pangaleman tuwin ingajenan tumrap Ingsun,
ana ing ngarepe sakehe bangsa ing bumi; kang
wus padha krungu bab sakehing kadarman
kang Suntandukakake marang bangsa iki; para
bangsa bakal padha kaget lan gumeter, marga
saka sakehing kadarman lan karaharjan kang
Suntandukakake marang bangsa iku.
10 Mangkene pangandikane Sang Yehuwah:
Ing panggonan kene, kang kokarani wus
dadi jugrugan, ora didunungi manungsa lan
kewan, ing kutha-kuthaning Yehuda lan ing
lurung-lurunge Yerusalem, kang sepi mamring
iku, lan ora ana wonge kang ngenggoni lan
ora ana kewane, 11 bakal keprungu maneh
sabawaning kabungahan lan sukarena,
swaraning penganten lanang lan wadon,
swaraning wong kang padha ngucapake:

Ngaturna puji panuwun marang Sang
Yehuwah, Gustining kang sarwa dumadi,
amarga Sang Yehuwah iku asih-darma,
sih-susetyane iku langgeng ing salawase!,

karo ngaturake kurban panuwun ana ing
padalemane Sang Yehuwah. Amarga Ingsun
bakal mulihake kaanane nagara iki kaya
ing maune. Mangkono pangandikane Sang
Yehuwah.
12 Pangandikane Sang Yehuwah, Gustine
kang sarwa dumadi, mangkene: Ing tlatah
kene, kang wis dadi jugrugan, ora didunungi
manungsa lan kewan, tuwin ing sakehing
kuthane, bakal ana pangonan maneh
kanggo para pangon, kang mlegungake

wedhus-wedhuse ana ing kono. 13 Ing
kutha-kutha Pagunungan, ing kutha-kutha
Tlatah Pagunungan, ing kutha-kutha ing Tanah
Negeb, ing tlatahe Benyamin, ing saubenge
Yerusalem lan ing kutha-kuthane Yehuda,
wedhus-wedhus bakal liwat maneh ana ing
sangisoring tangane kang ngetung. Mangkono
pangandikane Sang Yehuwah."

Prajanjian karo tedhak turune Sang Prabu Dawud lan tedhak turune Rama Lewi

33:14-26

14 "Pangandikane Sang Yehuwah mangkene:
Lah, bakal tumeka ing mangsane
anggoningSun bakal nuhoni prasetya,
kang Sunparingake marang tedhak turune
Israel lan Yehuda. 15 Ing wektu lan ing mangsa
iku Ingsun bakal nuwuhake Trubusing kaadilan
tumrap Dawud, kang bakal nindakake kaadilan
lan kabeneran ana ing nagara. 16 Ing wektu
iku Yehuda bakal linuwaran lan Yerusalem
uripe bakal tentrem. Lan kalawan jeneng iki,
iku bakal padha sinebut: Sang Yehuwah iku
kaadilan kita.
17 Amarga pangandikane Sang Yehuwah
mangkene: Tedhak turune Dawud bakal
ora pedhot-pedhot nglungguhi dhamparing
kratone bangsa Israel! 18 Lan tedhak turune
para imam bangsa Lewi uga ora kendhat-
kendhat nyaosake kurban obaran, lan kurban
dhaharan, apadene kurban sembelehan ing
sauruting jaman, ana ing ngarsaningSun."

[19] Pangandikane Sang Yehuwah marang
Nabi Yeremia, mangkene: [20] "Pangandikane
Sang Yehuwah mangkene: Manawa sira bisa
mbubrah prasetyaningSun marang rina lan
wengi, temah rina lan wengi ora netepi ing
wayahe, [21] ing kono prajanjianingsun marang
abdiningSun Dawud uga bisa kabubrah, temah
ora duwe turun maneh kang nglungguhi
dhamparing kratone, mangkono uga
prasetyaningSun karo bangsa Lewi, yaiku para
imam kang dadi paladeningSun. [22] Kayadene
bala ing langit kang tanpa wilangan kehe
tuwin kaya wedhining sagara kang ora kena
tinaker, iya kaya mangkono uga anggoningSun
nangkar-nangkarake tedhak turune Dawud lan
para wong Lewi, kang ngladeni Ingsun."
[23] Pangandikane Sang Yehuwah marang Nabi
Yeremia, mangkene: [24] "Apa kang diucapake
para wong iku ora sira gatekake: Turun rong
kulawarga, kang piniji dening Sang Yehuwah
iku wus tinampik dening Panjenengane?
Kanthi patrap mangkono wong iku padha
ngremehake umatingSun, amarga iku ora
dianggep dadi bangsa maneh. [25] Pangandikane
Sang Yehuwah mangkene: Manawa Ingsun
ora nuhoni prasetyaningSun karo rina lan
wengi, apadene tataning langit lan bumi, [26] ing
kono Ingsun mesthi uga bakal nampik tedhak
turune Yakub lan abdiningSun Dawud, temah
kendel anggoningSun ngangkat saka tedhak
turune, kang padha ngereh marang tedhak
turune Abraham, Iskak lan Yakub. Amarga

Ingsun bakal mulihake kaanane para wong iku
sarta iku bakal padha Sunwelasi.”

Nabi Yeremia ngandikakake bab pepesthene kang wekasan Sang Prabu Zedhekia

34:1-7

34 1 Pangandikane Sang Yehuwah marang
Nabi Yeremia, nalika Sang Prabu
Nebukadnezar, ratu ing Babil lan sakehing
wadya-balane, sakehing karajan ing bumi,
reh-rehane, lan sakehing bangsa mangsah
perang nglawan Yerusalem tuwin sakehing
kutha-kutha wewengkone: 2 “Mangkene
pangandikane Sang Yehuwah, Gusti Allahe
Israel: Sira lungaa, aturna marang Zedhekia,
ratu ing Yehuda, pangandika iki: Mangkene
pangandikane Sang Yehuwah: Lah, Ingsun
bakal ngulungake kutha iki marang ing
tangane ratu ing Babil, supaya diobong.
3 Lan sira dhewe ora bakal bisa oncat saka
ing tangane, sira mesthi bakal kecekel lan
dipasrahake marang ing tangane; sira bakal
mandeng adu-arep karo ratu ing Babil,
lan sapocapan karo dheweke, sarta sira
bakal ditawan menyang ing Babil. 4 Ewadene
sanadyan makaten, kawula aturi miyarsakaken
pangandikanipun Sang Yehuwah, dhuh Sang
Prabu Zedhekia, ratu ing Yehuda, amargi
makaten pangandikanipun Sang Yehuwah
tumrap panjenengan dalem: Sira ora bakal
mati dening pedhang! 5 Sira bakal mati kanthi

tentrem. Sira isih bakal dikurmati sarana
obong-obongan kaya para leluhurira, para
ratu ing jaman biyen, ing sadurunge sira;
mangkono uga sira isih ditangisi kalawan
tembung pangadhuh: Adhuh Gusti! Sanyata
Ingsun kang ndhawuhake pangandika iki.
Makaten pangandikanipun Sang Yehuwah.”
6 Nabi Yeremia banjur ngaturake pangandika
iku marang Sang Prabu Zedhekia, ratu ing
Yehuda, ana ing Yerusalem, 7 nalika wadya-
balane ratu ing Babil nempuh perang nglawan
Yerusalem lan kekarene kutha-kuthane
Yehuda, yaiku Lakhis lan Aseka, amarga
panunggalane kutha-kuthane Yehuda mung
kari iku kang isih ana balowartine.

Janji marang para batur Ibrani ora ditetepi

34:8-22

8 Pangandikane Sang Yehuwah marang Nabi
Yeremia, sawuse Sang Prabu Zedhekia damel
prajanjian karo rakyat ing Yerusalem kabeh
supaya ngundhangake kamardikan, 9 supaya
saben wong ngluwarana bature bangsa Ibrani,
iya lanang iya wadon, amrih dadi wong
mardika, temah ora ana wong sawiji-wijia
kang duwe batur wong Yehuda, sadulure.
10 Sakehing panggedhe, lan rakyat kabeh kang
padha melu ing prajanjian iku padha nyarujuki
manawa saben wong bakal ngluwari bature
lanang lan wadon, supaya padha dadi wong
mardika, temah ora ana wong sawiji-wijia

kang duwe batur panunggalane wong iku.
Wong-wong padha nyarujuki lan padha
mardikakake para bature. 11 Nanging sawuse
iku padha salin gagasan, banjur njupuk
batur kang wus padha dimardikakake, padha
dipeksa ngenger maneh, lanang lan wadon.
12 Banjur ana pangandikane Sang
Yehuwah marang Nabi Yeremia, mangkene:
13 "Mangkene pangandikane Sang Yehuwah,
Gusti Allahe Israel: Ingsun piyambak wus
damel prajanjian kalawan para leluhurira, ing
nalika padha Sunentasake saka ing tanah
Mesir, saka ing tanah pangawulan, isine:
14 Ing sawuse pitung taun sira siji-sijine kudu
mardikakake sadulure bangsa Ibrani kang wus
padha ngedol awake marang sira; dheweke
bakal padha ngenger nem taun suwene, nuli
kudu kokluwari banjur dadi wong mardika.
Nanging para leluhurira ora padha ngestokake
lan nggatekake marang dhawuhingSun. 15 Ing
dina iki sira wus padha mratobat lan nglakoni
apa kang bener ana ing ngarsaningSun,
amarga saben wong wus padha ngundhangake
kamardikan marang sadulure lan sira wus
prajanji ana ing ngarsaningSun ana ing
padaleman, kang ing sadhuwure sinebut
asmaningSun. 16 Nanging sira banjur padha
salin gagasan lan njemberake asmaningSun:
sira sawiji-wijine padha mbaleni bature lanang
lan wadon, kang wis sira mardikakake miturut
pepenginane, lan meksa para wong iku dadi
baturira maneh. 17 Mulane pangandikane
Sang Yehuwah mangkene: Sira ora padha

ngestokake dhawuhingSun, kang supaya
saben wong ngundhangake pangluwaran
marang sapepadhane lan sadulure, mulane
lah, Ingsun ngundhangake tumrap sira, --
mangkono pangandikane Sang Yehuwah
--, kebebasan marang pedhang, pageblug
lan pailan. Sira bakal Sundadekake kang
njalari girise sakehing karajan ing bumi.
18 Lan Ingsun bakal ngulungake para wong
kang nerak prajanjianingSun lan ora nuhoni
isining prajanjian, kang digawe ana ing
ngarsaningSun kanthi nyigar pedhet dadi
loro, sarta banjur lumaku ing antaraning
sigarane, 19 para panggedhe Yehuda, para
panggedhe Yerusalem, punggawa karaton,
para imam lan rakyat kabeh kang wus
mlaku ing antarane sigaraning pedhet iku,
20 wong iku bakal padha Sunulungake marang
tanganing mungsuhe, lan para wong kang
ngarah nyawane, wasana mayite banjur
bakal dadi pakane manuk ing awang-awang
lan kewan ing bumi. 21 Uga Zedhekia, ratu
ing Yehuda dalah para panggedhene bakal
Sunulungake marang tanganing mungsuh lan
marang wong kang ngarah nyawane tuwin
marang ing tangane wadya-balane ratu ing
Babil, kang ing wektu iki padha budhalan
ninggal sira. 22 Pangandikane Sang Yehuwah
mangkene: Lah, Ingsun wus paring dhawuh
lan mangsulake wadya-bala iku menyang ing
kutha kene, banjur nempuh perang, mbedhah
lan ngobong kutha iki. Kutha-kuthane Yehuda

bakal Sundamel ludhes, nganti ora ana wong
kang ngenggoni.”

Kasetyane para wong Rekhab

35:1-19

35 [1] Pangandikane Sang yehuwah marang
Nabi Yeremia ing jamane Sang
Prabu Yoyakim bin Yosia, ratu ing Yehuda,
mangkene: [2] “Lungaa maranana wong trah
Rekhab, rembugana karo para wong iku lan
iriden menyang ing padalemane Sang Yehuwah
ana ing sawijining kamar, nuli ombenana
anggur!” [3] Aku banjur marani Yaazanya bin
Yeremia bin Habazinya dalah para sadulure lan
para anake kabeh, cekake: sakehing gotrahe
Rekhab. [4] Aku ngirid wong-wong iku menyang
ing padalemane Sang Yehuwah, menyang
ing kamare para anake Hanan bin Yigdalya,
abdining Allah; iya iku kamar ing sandhinge
kamare para panggedhe ing sadhuwuring
kamare Maaseya bin Salum, jaga-gapura.
[5] Ana ing ngarepe para kulawargane Rekhab
aku nyelehake tuwung-tuwung kebak anggur
lan cangkir-cangkir, aku nuli kandha marang
wong-wong mau: “Kowe padha ngombea
anggur!” [6] Nanging padha mangsuli: “Kula
sami boten ngombe anggur, amargi Eyang
Yonadab bin Rekhab, leluhur kula, sampun
meling dhateng kula sadaya makaten: Kowe
lan saanak-anakmu kabeh aja padha ngombe
anggur ing salawas-lawase, [7] aja gawe
omah, aja nyebar wiji, aja gawe lan nduweni

kebon anggur, nanging padha manggona ing
kemah-kemah ing salawase urip, supaya kowe
dawa umurmu ana ing tanah, kang kokenggoni
dadi wong neneka! 8 Kula sami ngestokaken
piwelingipun Eyang Yonadab bin Rekhab,
leluhur kula, ing bab samukawis ingkang dados
piwelingipun dhateng kula sadaya, supados
kula sami boten ngombe anggur salaminipun
gesang, inggih punika kula piyambak, semah
kula, anak-anak kula jaler estri, 9 supados kula
boten damel griya ingkang kula enggeni, boten
gadhah kebon anggur, utawi pategilan sarta
wiji, 10 nanging tetep sami manggen wonten
ing kemah kemawon saha setya ngestokaken
kados ingkang dados piwelingipun Eyang
Yonadab, leluhur kula. 11 Nanging nalika Sang
Prabu Nebukadnezar, ratu ing Babil nglurugi
tanah punika, kula lajeng sami wicanten: Payo
padha ngungsi menyang Yerusalem marga
saka tekane wadya-bala ing Kasdim lan ing
Aram iku! Makaten jalaranipun kula lajeng
sami manggen wonten ing Yerusalem."
12 Ing wektu iku Sang Yehuwah paring
pangandika marang Nabi Yeremia, mangkene:
"Pangandikane Sang Yehuwah, Gustining kang
sarwa dumadi, Gusti Allahe Israel mangkene:
13 Mangkata lan tutura marang wong ing
Yehuda lan wong isine kutha Yerusalem: Apa
sira ora tampa piwulang yaiku ngrungokake
pangandikaningSun? 14 Pancen, piwelinge
Yonadab bin Rekhab iku isih diestokake,
yaiku anggone dheweke meling marang
tedhak turune, supaya aja ngombe anggur

lan tumeka saprene wong iku padha ora
ngombe anggur, amarga padha ngestokake
marang piwelinge leluhure. Ingsun piyambak
tansah ngandikani sira, nanging sira padha ora
ngrungokake marang Ingsun. 15 Ingsun wus
ngutus marani sira sakehe abdiningSun, yaiku
para nabi, tanpa kendhat anggone mituturi:
Padha mratobata saka tindak-tandukira kang
ala, panggawenira owahana supaya becik,
aja ngetutwuri allah liyane lan aja sujud
nyembah marang iku, temah sira bakal tetep
manggon ana ing tanah kang Sunparingake
marang sira lan leluhurira. Nanging sira padha
suthik nggatekake lan ngestokake marang
Ingsun. 16 Lah, tedhak turune Yonadab bin
Rekhab padha setya ngestokake piwelinge
para leluhure, nanging bangsa iki wegah
ngrungokake marang Ingsun. 17 Mulane
pangandikane Sang Yehuwah, Gustine kang
sarwa dumadi, Gusti Allahe Israel: Lah
Ingsun bakal ndhawahake marang Yehuda lan
sakehing wong isine kutha Yerusalem sakehe
kasangsaran, kang wus Sunagem ngancam
wong-wong iku; amarga Ingsun wus paring
pangandika marang para wong iku, nanging
padha ora ngrungokake, lan Ingsun wus
nimbali wong-wong iku, nanging padha ora
mangsuli.”

18 Nanging Nabi Yeremia ngandika marang
bani Rekhab: “Mangkene pangandikane Sang
Yehuwah, Gustine kang sarwa dumadi, Gusti
Allahe Israel: Sarehne sira padha ngestokake
marang piwelinge Yonadab, leluhurira,

ngukuhi marang sakehing piwelinge, lan
tetep padha nglakoni kaya piwelinge marang
sira, [19] mulane Sang Yehuwah, Gustine kang
sarwa dumadi, Gusti Allahe Israel ngandika
mangkene: Tedhak turune Yonadab bin Rekhab
bakal ora pedhot-pedhot ngladeni Ingsun ing
salawas-lawase.”

Kitab pamecane Nabi Yeremia kaobong dening Sang Prabu Yoyakim

36:1-32

36 [1] Nalika ing taun kangkaping pate
paprentahane Sang Prabu Yoyakim
bin Yosia, Sang Yehuwah paring pangandika
marang Nabi Yeremia mangkene: [2] “Njupuka
layang gulungan tulisen ana ing kono sakehing
pangandika kang Sundhawuhake marang sira
tumrap Israel, Yehuda lan sakehing bangsa,
wiwit nalika Ingsun medhar pangandika
marang sira, yaiku wiwit jamane Yosia,
nganti saprene. [3] Samangsa turune Yehuda
krungu bab sakehing bilai, kang Sunrancang
bakal Suntandukake marang wong-wong
iku, bokmanawa siji-sijine bakal mratobat
saka polah-tingkahe kang ala, temah Ingsun
ngapura kaluputan lan dosane.” [4] Dadine Nabi
Yeremia banjur ngundang Barukh bin Neria,
Barukh nuli nulisi ana ing layang gulungan
terus bae saka ing lesane Nabi Yeremia
sakehing pangandika, kang kadhawuhake
dening Sang Yehuwah.

5 Ing sawijining dina Nabi Yeremia dhawuh
marang Barukh mangkene: “Aku iki lagi
ana alangan ora bisa munggah menyang
ing padalemane Sang Yehuwah. 6 Dadine
ing dina puwasa kowe bae kang macakake
pangandikane Sang Yehuwah saka ing
gulungan kang koktulis terus bae saka
ing cangkemku iku marang wong akeh
ana ing padalemaning Sang Yehuwah; iku
sira wacakna uga marang sakehe wong
Yehuda kang teka saka ing kutha-kuthane.
7 Bokmanawa pasambate sumengka ing
ngarsane Sang Yehuwah, banjur sawiji-wijine
padha mratobat saka ing polah-tingkahe
kang ala iku, amarga gedhe bebendune
lan mulad-mulading deduka kang diagem
ngancam dening Sang Yehuwah marang
bangsa iki.” 8 Barukh bin Neria nindakake
ceples kaya kang kadhawuhake Nabi Yeremia,
yaiku macakake pangandikane Sang Yehuwah
saka kitab iku ana ing padalemane Sang
Yehuwah. 9 Dene nalika ing taun kang kaping
limane paprentahane Sang Prabu Yoyakim
bin Yosia, ratu ing Yehuda, ing sasi kasanga,
diundhangake puwasa ana ing ngarsane
Sang Yehuwah tumrap sakehing wong ing
Yerusalem lan rakyat kabeh kang teka ing
Yerusalem saka ing kutha-kutha Yehuda.
10 Barukh nuli macakake pangandikane Nabi
Yeremia saka ing kitab iku marang rakyat
kabeh ana ing padalemane Sang Yehuwah,
ing kamare Gemarya, anake panitra Safan,
ana ing plataran ndhuwur, ing sangareping

gapuraning padalemane Sang Yehuwah kang
anyar.
11 Bareng Mikhaya bin Gemarya bin Safan
krungu sakehing pangandika saka ing kitab
mau, 12 banjur mudhun menyang ing kratone
Sang Prabu menyang ing kamare panitra.
Ing kono katon sakehing panggedhe padha
lenggahan yaiku: panitra Elisama, Delaya bin
Semaya, Elnatan bin Akhbor, Gemarya bin
Safan, Zedhekia bin Hananya lan sakehing
panggedhe liyane. 13 Mikhaya banjur ngaturi
pirsa marang para panggedhe mau sakehing
pangandika kang dirungu, nalika Barukh
macacakake kitab iku marang wong akeh. 14 Para
panggedhe mau tumuli dhawuh marang
Yehudi bin Netanya bin Selemya bin Kusyi
supaya matur marang Barukh: "Gulungan
kang mentas kokwacakake marang wong
akeh iku gawanen lan mrenea!" 15 Barukh
tumuli mara karo nggawa gulungan mau.
Dhawuhe para panggedhe: "Lungguha lan iku
wacakna marang aku kabeh!" 16 Bareng para
panggedhe krungu pangandika iku kabeh,
banget kagete lan banjur padha sapocapan:
"Kita kedah enggal-enggal ngaturaken
sakathahing pangandika punika dhateng Sang
Prabu!" 17 Banjur padha takon marang Barukh,
tembunge: "Tutura marang aku kabeh,kapriye
carane anggonmu nulis sakehing pangandika
iki!" 18 Wangsulane Barukh marang wong-wong
iku: "Sakathahing pangandika punika kula
tampi lajeng kemawon saking tutukipun Nabi
Yeremia, lajeng kula serati mawi mangsi

wonten ing kitab.” [19] Para panggedhe nuli
celathu marang Barukh: “Lungaa lan ndhelika
bareng karo Nabi Yeremia! Aja nganti ana
wong kang nyumurupi panggonanmu!”
[20] Para panggedhe mau banjur padha
sowan marang ing ngarsane Sang Prabu
ana ing plataran, sawise gulungan mau
disinggahake ana ing kamare panitra Elisama.
Nuli ngaturake pangandika iku kabeh marang
Sang Prabu. [21] Sang Prabu banjur dhawuh
marang Yehudi mundhut layang gulungan mau
saka ing kamare panitra Elisama. Yehudi nuli
macakake kitab iku marang Sang Prabu lan
sakehing panggedhe kang padha ngadeg ana
ing sandhinge Sang Prabu. [22] Nalika iku pinuju
sasi kasanga lan Sang Prabu lagi lenggah
ana ing bale kanggo mangsa atis; rada
kepara ngarsane Sang Prabu ana geni prapen
murub. [23] Saben-saben Yehudi rampung
pamacane oleh telu utawa patang kaca, Sang
Prabu nyebit-nyebit layang iku mawa lading
pangirisan, banjur kabucal ing prapen, nganti
layang gulungan iku entek kaobong ana ing
prapen mau. [24] Sang Prabu apadene para
punggawane kang padha mireng pangandika
iku ora ana kang kejot utawa nyuwek-nyuwek
pangagemane. [25] Sanadyan Elnatan, Delaya
lan Gemarya wus padha ngaturi supaya aja
mbesmi layang gulungan iku, ewadene Sang
Prabu ora karsa ndhahar ature. [26] Sang Prabu
malah dhawuh marang Pangeran Yerahmeel,
Seraya bin Azriel lan Selemya bin Abdeel
supaya nyekel jurutulis Barukh lan Nabi

Yeremia, nanging Sang Yehuwah ngumpetake
wong loro mau.
27 Sawuse Sang Prabu mbesmi gulungan kang
ngemot pangandika kang ditulis dening Barukh
katampan saka ing lesane Nabi Yeremia iku,
Sang Yehuwah paring pangandika marang Nabi
Yeremia mangkene: 28 "Njupuka gulungan
liyane tulisana sakehing pangandika, kang
ana ing gulungan kang dhisik lan kang wus
diobong dening Yoyakim, ratu ing Yehuda kae.
29 Yoyakim, ratu ing Yehuda iku sira tuturana
mangkene: Makaten pangandikanipun Sang
Yehuwah: Sira wus ngobong gulungan iku
sarta kandha: Geneya sira nulis ana ing
kono, manawa ratu ing Babil mesthi bakal
teka nyirnakake nagara kene lan mbengkas
manungsa lan kewan ing kono? 30 Amarga
saka iku -- makaten pangandikanipun Sang
Yehuwah tumrap Sang Prabu Yoyakim ratu
ing Yehuda --: Dheweke ora bakal duwe
turun kang nglungguhi dhampare Dawud, lan
mayite bakal gilang-gilang, temah kepanasan
ing wayah awan lan kadhemen ing wayah
bengi. 31 Ingsun bakal ngukum dheweke,
tedhak turune lan para kawulane marga
saka kaluputane; Ingsun bakal ndhatengake
marang wong-wong iku, marang sakehe
wong kang manggon ing Yerusalem tuwin
marang wong Yehuda sakehing bilai kang wus
Sunagem ngancam wong iku kabeh, nanging
pangandikaningSun ora dirungokake."
32 Nabi Yeremia nuli mundhut gulungan
liyane lan diparingake marang panitra Barukh

bin Neria, kang nulisi kang katampan terus bae saka ing lesane Nabi Yeremia sakehing pangandika kang kamot ana ing layang kang wus diobong dening Sang Prabu Yoyakim, ratu ing Yehuda iku. Apa maneh isih diwuwuhi pangandika akeh tunggale iku.

Sang Prabu Zedhekia mundhut pitedah marang Nabi Yeremia

37:1-10

37 1 Sang Prabu Zedhekia bin Yosia
jumeneng ratu nggentosi Sang
Prabu Khonya bin Yoyakim; Sang Prabu
Nebukadnezar, ratu ing Babil wus
njumenengake panjenengane dadi ratu ing
nagara Yehuda. 2 Nanging panjenengane
sapunggawane apadene rakyate ing nagara
kono padha ora nggugu marang pangandikane
Sang Yehuwah, kang kadhawuhake lumantar
Nabi Yeremia.
3 Nuju ing sawijining dina Sang Prabu
Zedhekia utusan Yukhal bin Selemya lan Imam
Zefanya bin Maaseya marang ing ngarsane
Nabi Yeremia, kadhawuhan nglantarake
pangandikane: "Kula sami sampeyan
dongakaken dhateng Sang Yehuwah, Gusti
Allah kita!" 4 Dene ing nalika samana
Nabi Yeremia isih saged mlebet-medal ing
satengahingrakyat; panjenengane durung
dicemplungake ing pakunjaran. 5 Dene
wadya-balane Sang Pringon wus budhal saka
ing Mesir; bareng para wong Kasdim kang

ngepung Yerusalem krungu, banjur padha
ninggal kutha iku.
6 Nuli ana pangandikane Sang Yehuwah
marang Nabi Yeremia, mangkene: 7 “Mangkene
pangandikane Sang Yehuwah, Gusti Allahe
Israel: Matura marang ratu ing Yehuda kang
ngutus sira, supaya nyuwun pitedah marang
Ingsun: Delengen wadya-bala kang wus
budhal saka Mesir arep mbiyantu sira, bakal
bali menyang ing Mesir nagarane. 8 Nanging
wong Kasdim bakal bali nempuh perang
nglawan kutha iki, dibedhah lan diobong.
9 Mangkene pangandikane Sang Yehuwah:
Sira aja ngapusi awakira dhewe, kalawan
ngucap: Para wong Kasdim wus lunga kabeh
ing salawase! Mangka ora padha lunga ing
salawase! 10 Lan saupama sira nggepuk lan
bisa ngalahake sakehe bala Kasdim, kang
merangi sira iku nganti mung ana kekarene
kang ketaton banget, ana ing pakemahane
dhewe-dhewe bakal padha gumregah lan
ngobong kutha iki.”

Nabi Yeremia dikunjara

37:11-16

11 Nalika wadya-bala ing Kasdim wus ninggal
kutha Yerusalem jalaran wedi karo balane
Sang Prabu Pringon, 12 Nabi Yeremia banjur
tindak saka Yerusalem menyang tlatah
Benyamin prelu ngurus pangedume warisan
ing antarane sanak sadulure. 13 Nalika mlebet
ing gapurane tlatah Benyamin, ing kono

ana sawijining lurah jaga kang aran Yeria
bin Selemya bin Hananya; iku nuli nyekel
Nabi Yeremia, kalawan ngucap sora: “Kowe
arep mbalik ngeloni wong Kasdim!” 14 Lan
sanadyan Nabi Yeremia mangsuli: “O goroh
iku, aku ora mbalik melu wong Kasdim!”,
nanging ora dipaelu dening Yeria, iku banjur
nyekel Nabi Yeremia lan diladekake marang
para panggedhe. 15 Para panggedhe mau
padha duka banget marang Nabi Yeremia
lan nyapu panjenengane sarta banjur
dilebokake ing omah tahanan, ana ing omahe
panitra Yonatan; omah iku wus kadadekake
pakunjaran. 16 Kaya mangkono lelakone Nabi
Yeremia kang banjur dicemplungake ing kulah
tandhon banyu ing jero lemah. Lan Nabi
Yeremia suwe anggone ana ing kono.

Sang Prabu Zedhekia mindhah panggonane ngunjara Nabi Yeremia

37:17-21

17 Nuju ing sawijining dina Sang Prabu
Zedhekia utusan wong mundhut Nabi
Yeremia. Nuli kalawan sidheman Sang Prabu
ndangu marang Nabi Yeremia: “Punapa
wonten pangandikanipun Sang Yehuwah?”
Unjuk wangsulane Nabi Yeremia: “Wonten!
Panjenengan dalem badhe kaulungaken
dhateng ing astanipun ratu ing Babil.” 18 Nabi
Yeremia nuli matur marang Sang Prabu
Zedhekia: “Punapa dosa kawula ingkang
kawula tandukaken dhateng panjenengan

dalem, dene kawula ngantos panjenengan
dalem lebetaken ing pakunjaran? 19 Wonten ing
pundi para nabi panjenengan dalem ingkang
sampun meca, bilih ratu ing Babil boten badhe
nempuh perang nglawan panjenengan dalem
saha nagari punika? 20 Sapunika, dhuh gusti
kawula Sang Prabu, paduka mugi karsaa
midhangetaken. Panyuwun kawula mugi
dumugia ing ngarsa dalem. Kawula mugi
sampun paduka wangsulaken dhateng ing
griyanipun panitra Yonatan; kawula mesthi
dipun pejahi wonten ing ngrika.” 21 Sang Prabu
Zedhekia banjur paring dhawuh, supaya Nabi
Yeremia ditahan ana ing plataran pajagan lan
saben dina supaya diparingi roti sairis saka
ing dalan tukang roti, nganti saenteke roti ing
kutha kono. Mangkono dadine Nabi Yeremia
tetep ana ing plataran pajagan.

Nabi Yeremia dicemplungake ing sumur; ditulungi dening Ebed-Melekh

38:1-13

38 1 Nanging Sefaca bin Matan, Gedalya
bin Pasyhur, Yukhal bin Selemya lan
Pasyhur bin Malkia padha krungu tembung
kang tanpa pedhot diucapake dening Nabi
Yeremia marang sakehing wong: 2 “Mangkene
pangandikane Sang Yehuwah: Sing sapa
manggon ana ing kutha kene bakal mati
dening pedhang, kaliren utawa pageblug;
nanging sing sapa metu saka kene nemoni
bala Kasdim, iku bakal lestari urip, nyawane

bakal dadi rayahane lan dheweke lestari urip.
3 Mangkene pangandikane Sang Yehuwah:
Kutha iki bakal diulungake marang ing tangane
balane ratu ing Babil, bakal dibedhah.” 4 Para
panggedhe mau nuli padha munjuk marang
Sang Prabu: “Saenipun tiyang punika dipun
pejahi! Ujer sarana ngucap makaten punika
piyambakipun nglemesaken semangatipun
para prajurit, ingkang taksih manggen wonten
ing kitha ngriki, punapadene semangatipun
rakyat sadaya. Sayektos, tiyang punika boten
ngudi dhateng karaharjaning bangsa, nanging
cilakanipun.” 5 Sang Prabu Zedhekia ngandika:
“Prayoga, wong iku ana ing tanganira! Amarga
ratu ora bisa nindakake apa-apa, kang
nyulayani sira!” 6 Wong-wong iku banjur padha
nyekel Nabi Yeremia lan dicemplungake ing
sumur kagungane Pangeran Malkia kang ana
ing plataran pajagan; anggone nyemplungake
Nabi Yeremia mawa dhadhung. Sumure iku
asat, mung ana endhute, dadine Nabi Yeremia
nuli ambles ana ing endhutan kono.
7 Nanging nalika keprungu dening Ebed-
Melekh, wong Etiopia iku -- dheweke iku
sawijining abdidalem kaputren, kang manggon
ana ing kraton -- manawa Nabi Yeremia
kacemplungake ing sumur -- nalika samana
Sang Prabu pinuju lenggah ana ing gapura
Benyamin --, 8 Ebed-Melekh banjur metu
saka ing kraton sarta munjuk marang
Sang Prabu: 9 Dhuh Gusti kawula Sang
Prabu, pandamelipun tiyang-tiyang punika
awon tumrap Nabi Yeremia, inggih punika

anggenipun nyemplungaken piyambakipun
ing sumur, piyambakipun temtu pejah
kaliren wonten ing ngriku! Amargi ing kitha
rotinipun sampun telas.” 10 Sang Prabu nuli
paring dhawuh marang Ebed-Melekh, wong
Etiopia iku, pangandikane: “Ngajaka wong
telu, Nabi Yeremia entasna, sadurunge
mati!” 11 Ebed-Melekh banjur ngajak wong
telu mlebu ing kadhaton ing gudhang
sandhangan, papan pasimpenan barang-
barang; ana ing kono njupuk sandangan
gombal-gombalan lan amoh-amohan, nuli
ngudhuni tali marang Nabi Yeremia, kang
ana ing sumur iku. 12 Ebed-Melekh, wong
Etiopia banjur nguwuh-uwuh marang Nabi
Yeremia: “Sandhangan gombal-gombalan lan
amoh-amohan punika panjenengan trapaken
ing sangandhapipun cangklakan panjenengan,
minangka ganjelipun tangsul!” Nabi Yeremia
banjur tumindak mangkono. 13 Wong-wong
mau banjur narik taline lan ngentasake
Nabi Yeremia saka ing sumur. Mangkono
dadine Nabi Yeremia manggon tetep ana ing
plataraning pajagan.

Pirembugan kang wekasan karo Sang Prabu Zedhekia

38:14-28

14 Sang Prabu Zedhekia ndhawuhi wong
nyowanake Nabi Yeremia marang ing ngarsane
ana ing gapura katelu ing padalemane
Sang Yehuwah. Pangandikane Sang Prabu

marang Nabi Yeremia: “Kula badhe miterang
satunggaling prakawis dhateng sampeyan,
sampun ngantos nutupi satunggal-tunggala
dhateng kula!” [15] Atur wangsulane Nabi
Yeremia marang Sang Prabu Zedhekia:
“Saupami kawula ngaturaken dhateng
panjenengan dalem, panjenengan dalem rak
badhe mejahi kawula, ta? Saha manawi kawula
ngaturi rembag panjenengan dalem mesthi
boten kadhahar!” [16] Sang Prabu Zedhekia nuli
supaos dhedhemitan marang Nabi Yeremia,
pangandikane: “Demi asmanipun Sang
Yehuwah ingkang gesang, ingkang maringi
nyawa punika dhateng kula sadaya, sampeyan
boten badhe kula pejahi lan boten badhe kula
pasrahaken dhateng para tiyang ingkang sami
ngarah dhateng nyawa sampeyan punika!”
[17] Sawuse mangkono Nabi Yeremia nuli matur
marang Sang Prabu Zedhekia: “Makaten
pangandikanipun Sang Yehuwah, Gustining
sarwa dumadi, Gusti Allahipun Israel: Manawa
sira metoni lan masrahake uripira marang
para prawirane ratu ing Babil, nyawanira bakal
ingayoman lan kutha iki ora bakal kaobong;
sira dalah sakulawarganira bakal lestari urip.
[18] Nanging manawa sira ora masrahake uripira
marang para prawirane ratu ing Babil, kutha
iki bakal dipasrahake marang tangane wong
Kasdim, banjur bakal kaobong; sira dhewe
bakal ora bisa oncat saka ing tangane.” [19] Sang
Prabu Zedhekia nuli ngandika marang Nabi
Yeremia: “Kula ajrih dhateng para tiyang
Yehuda ingkang sampun sami mbalik tumut

tiyang Kasdim punika, temah kula badhe
dipun angge gegujengan.” 20 Unjuke Nabi
Yeremia: “Prakawis punika boten badhe
kelampahan! Kawula aturi miyarsakaken
pangandikanipun Sang Yehuwah menggah
prakawis ingkang sampun kawula unjukaken
dhateng panjenengan dalem; kawontenan
panjenengan dalem badhe sae saha sarira
dalem badhe karimatan. 21 Nanging manawi
panjenengan dalem boten karsa masrahaken
sarira dalem, pangandikanipun Sang Yehuwah
makaten, ingkang kadhawuhaken dhateng
kawula. 22 Sadaya pawestri ingkang taksih
kantun wonten ing kratonipun Sang Nata
ing Yehuda badhe kairid medal dhateng
sangajengipun para prawiranipun ratu ing
Babil, kaliyan nguwuh-uwuh:

Kowe dibujuk lan dikalahake
dening para mitra-mitramu.
Nanging lagi bae sikilmu keblesek ing endhut,
wong iku wis padha bali mulih.

23 Sadaya garwa saha para putra dalem sami
dipun irid medal dhateng ing sangajengipun
tiyang Kasdim. Saha panjenengan dalem
piyambak boten badhe saged oncat saking
tanganipun, nanging panjenengan dalem
badhe kacepeng dening ratu ing Babil. Tuwin
kitha punika badhe dipun besmi.”

24 Ing kono pangandikane Sang Prabu
Zedhekia marang Nabi Yeremia: “Sampun
ngantos wonten tiyang ingkang ngretos
rembag punika, supados sampeyan boten

pejah. [25] Manawi para pengageng mangretos,
bilih kula rembagan kaliyan sampeyan, temtu
sami murugi sampeyan sarta wicanten: Kula
sampeyan cariyosi, punapa ingkang sampeyan
unjukaken dhateng Sang Prabu, saha punapa
ingkang dipun pangandikakaken Sang
Prabu dhateng sampeyan, sampun ngantos
sampeyan tutupi, mindhak sampeyan kula
pejahi! [26] Ing ngriku sampeyan wangsulana
makaten: Aku ngaturake panyuwunan marang
ing ngarsane Sang Prabu, murih aku aja
dibalekake marang omahe Yonatan lan banjur
mati ana ing kana.” [27] Para panggedhe pancen
banjur padha marani lan takon marang Nabi
Yeremia, nanging padha diwangsuli plek
kayadene piwelinge Sang Prabu. Nabi Yeremia
ditogake bae, amarga ora ana rembug kang
kebrojol marang sapa-sapa. [28] Mangkono
dadine Nabi Yeremia tetep ana ing plataran
pajagan, nganti dinane Yerusalem kabedhah.

Bedhahe kutha Yerusalem

39:1-10

2Ra 24:20--25:21, 2Bb 36:17-21, Ym 52:3-30

39 [1] Kacarita nalika Yerusalem dibedhah
-- sajroning taun kang kaping sangane
paprentahane Sang Prabu Zedhekia, ratu
ing Yehuda, ing sasi kasepuluh, Sang Prabu
Nebukadnezar, ratu ing Babil, kadherekake
wadya-balane, ngepung kutha Yerusalem;
[2] ing sajrone tahun kang kaping sawelase
paprentahane Sang Prabu Zedhekia, ing

sasi kapat, nalika tanggal sanga sasi iku,
balowartine kutha iku kabedhah -- 3 para
prawirane ratu ing Babil iku, banjur ngejegi
gapura tengah, yaiku: Sang Nergal-Sarezer,
panggedhe saka Sin-Magir, Senapati, lan Sang
Nebusyazban, panggedhening kraton lan para
prawira liyane, abdine ratu ing Babil.
4 Bareng Sang Prabu Zedhekia, ratu ing
Yehuda, mirsa iku kabeh banjur lolos,
kadherekake para wadya-balane, anggone
nilar kutha iku ing wayah bengi, miyos
ing dalan ing patamananing Sang Prabu,
nglangkungi gapura ing antarane balowarti
loro, banjur dharat ngener ing Araba-Yarden.
5 Nanging diburu dening wadya-bala Kasdim
lan Sang Prabu Zedhekia kacandhak ana ing
lebak Yerikho; panjenengane dicepeng nuli
diirid menyang Ribla, ing tanah Hamat, marang
ing ngarsane Sang Prabu Nebukadnezar,
ratu ing Babil, kang netepake paukumane.
6 Sang Nata ing Babil nuli dhawuh nyembeleh
para putrane Sang Prabu Zedhekia ana ing
ngarsane ana ing Ribla; sakehing panggedhene
Yehuda padha disembeleh uga dening ratu ing
Babil. 7 Tumuli tingale Sang Prabu Zedhekia
dicuplak, wasana dikecrek mawa rante
tembaga, ditawan menyang ing tanah Babil.
8 Wadya-bala Kasdim padha ngobongi kraton
lan omah-omahe rakyat, banjur njugrugake
balowartine Yerusalem. 9 Sang Nebuzaradan,
panggedhening prajurit pengawal, banjur
nawan para kekarening rakyat kang isih ana
ing kutha iku, lan wong-wong padha mbalik

ngrojongi mungsuh apadene kekarening
para kriya, padha dibuwang menyang ing
Babil. 10 Nanging saperanganing rakyat, yaiku
para wong mlarat kang ora duwe apa-apa,
ditinggal ana ing tanah Yehuda dening
Sang Nebuzaradan, panggedhening prajurit
pengawal. Ing kala semana wong-wong padha
diparingi pakebonan anggur lan pategalan dadi
darbeke.

Sang Prabu Nebukadnezar dhawuh supaya Nabi Yeremia diayomi

39:11-14

11 Tumrap Nabi Yeremia, Sang Prabu
Nebukadnezar, nata ing Babil, wus paring
dhawuh lumantar Sang Nebuzaradan
panggedhening prajurit pengawal, mangkene:
12 "Wong iku boyongen lan sira openana,
aja sira kapak-kapakake, nanging turutana
apa kang dadi panjaluke marang sira!"
13 Sang Nebuzaradan, panggedhening
prajurit pengawal, lan Sang Nebusyazban,
panggedhening kraton, tuwin Sang Senapati
Nergal-Sarezer, lan sakehing prawira-agunge
nata ing Babil, padha utusan wong -- 14 padha
didhawuhi ngirid Nabi Yeremia saka ing
plataran pajagan, kang banjur kapasrahake
marang Gedalya bin Ahikam, bin Safan supaya
diluwari, kareben kondur menyang ing daleme.
Mangkono dadine Nabi Yeremia tetep manggen
ana ing satengahing rakyat.

Janji marang Ebed-Melekh manawa bakal diluwari

39:15-18

15 Nalika Nabi Yeremia isih dikunjara ana ing
plataran pajagan tampa dhawuh saka Sang
Yehuwah, mangkene: 16 “Maranana Ebed-
Melekh, wong Etiopia iku lan kandhanana:
Mangkene pangandikane Sang Yehuwah,
Gustining sarwa dumadi, Gusti Allahe Israel:
Sanyata, pangandikaningSun tumrap kutha
iki bakal Sunleksanani murih cilakane lan ora
murih raharjane, lan iku kabeh bakal kelakon
ana ing ngarepira ing wektu iku uga. 17 Ing
nalika iku uga -- mangkono pangandikane
Sang Yehuwah --, Ingsun bakal ngluwari
sira lan ora Sunulungake marang tangane
wong kang sira wedeni, 18 nanging Ingsun
mesthi bakal ngluwari sira; sira ora bakal
mati dening pedhang, nyawanira bakal sira
rebut kaya rayahan, amarga sira kumandel
marang Ingsun. Mangkono pangandikane
Sang Yehuwah.”

Nabi Yeremia ana ing daleme Gedalya

40:1-6

40 1 Pangandikane Sang Yehuwah marang
Nabi Yeremia, sawuse diluwari
saka Rama dening Sang Nebuzaradan,
panggedhening prajurit pengawal, kang
wus dhawuh nguculi rante kang kanggo

ngecrek astane ana ing satengahing para
wong buwangan saka ing Yerusalem lan
Yehuda, kang arep diangkatake menyang
ing pambuwangan ing tanah Babil.
2 Panggedhening prajurit pengawal iku wus
nimbali Nabi Yeremia lan banjur ngandika:
“Sang Yehuwah, Gusti Allah sampeyan
sampun ngancam badhe ndhatengaken
bilai tumrap panggenan punika, 3 lan
punika sapunika sampun kalampahan.
Sang Yehuwah sampun nindakaken, punapa
ingkang dipun dhawuhaken ing saderengipun,
amargi sampeyan sadaya sami nglampahi
dosa wonten ing ngarsanipun saha boten
mirengaken dhateng pangandikanipun, temah
kalampahan prakawis punika tumrap ing
sampeyan. 4 Dene ing dinten punika kula
sampun nguculi rante ingkang wonten ing
tangan sampeyan. Manawi sampeyan purun
tumut kula dhateng tanah Babil, sumangga
kula badhe rumeksa dhateng sampeyan.
Nanging manawi sampeyan boten kesdu
tumut kula dhateng Babil, sampeyan boten
prelu pangkat! Sumangga sampeyan tingali
sawradinipun tanah punika ginelar wonten ing
ngajeng sampeyan; sampeyan kenging kesah
dhateng pundi kemawon ingkang sampeyan
anggep sae saha leres. 5 Sampeyan kenging
wangsul dhateng panggenanipun Gedalya
bin Ahikam bin Safan, ingkang sampun
dipun tetepaken dening Sang Prabu ing Babil
mengku kitha-kitha Yehuda lan sampeyan
saged manggen nunggil kaliyan piyambakipun

wonten ing satengahipun rakyat, utawi dhatenga pundi kemawon ingkang sampeyan anggep sae, sampeyan kenging mriku!" Panggedhening prajurit pengawal mau nuli ngaturi sangu pangan lan ganjaran, nuli
dililani tindak. 6 Nabi Yeremia dadine banjur
tindak menyang ing daleme Sang Gedalya bin Ahikam ing Mizpa, lan manggen nunggil karo panjenengane ana ing satengahe rakyat, kang isih kari ana ing nagara kono.

Bab anggone Sang Gedalya dadi gupernur lan banjur disedani

40:7--41:18

2Ra 25:22-26

7 Nalika sakehe senapatining wadya-bala kang isih ana ing jaban kutha lan para prajurite padha krungu, manawa Sang Prabu ing Babil wus netepake Sang Gedalya bin Ahikam bin Safan dadi kang mengku nagara kono, lan wus dipasrahi panguwasa tumrap wong lanang, wong wadon lan bocah-bocah yaiku golongane wong mlarat, kang ora padha katut kabuwang menyang ing tanah
Babil, 8 tumuli padha nemoni Sang Gedalya
mau ana ing Mizpa, yaiku: Sang Ismael bin Netanya, Sang Yohanan bin Kareah, Sang Seraya bin Tankhumet, para putrane Sang Efai wong Netofa lan Sang Yezanya, putrane priyayi ing Maakha, kadherekake
wadya-balane. 9 Sang Gedalya bin Ahikam bin
Safan nuli supaos: "Sampun sami sumelang

ngawula dhateng tiyang Kasdim. Kula aturi
sami dedalem wonten ing nagari ngriki saha
kula aturi ngawula dhateng ratu ing Babil,
kawontenan panjenengan temtu badhe dados
sae. [10] Dene kula piyambak, kula manggen
wonten ing Mizpa saha dados wakil wonten
ing ngajengipun tiyang Kasdim, ingkang sami
badhe ndhatengi kita; nanging panjenengan
sadaya punika sami kula aturi ngempalaken
piwedaling anggur, wowohan saha lisah, lajeng
kasimpen minangka pasadhiyan, saha sami
dedalem ing kitha-kitha, ingkang panjenengan
karsakaken."

[11] Nalika sakehe wong Yehuda, kang ana
ing Moab, ing antarane bani Amon ing Edom
lan ing nagara-nagara liyane padha krungu
warta, yen ratu ing Babil wus ngendelake
bae kekarene rakyat manggon ing Yehuda,
lan matah Sang Gedalya bin Ahikam bin
Safan mengku wong-wong mau, [12] sakehing
wong Yehuda kang pating blesar ana ing
ngendi-endi, banjur padha bali menyang tanah
Yehuda lan sowan marang Sang Gedalya
ing Mizpa; iku padha ngundhuhi anggur lan
woh-wohan akeh banget.

[13] Nuju ing sawijining dina Sang Yohanan bin
Kareah lan sakehing senapati kang isih ana
ing jaban kutha padha nemoni Sang Gedalya
ana ing Mizpa [14] lan padha matur marang
panjenengane: "Punapa panjenengan pirsa,
bilih Sang Prabu Baalis, ratunipun bangsa
Amon, sampun utusan Ismael bin Netanya,
nyedani panjenengan?" Nanging Sang

Gedalya bin Ahikam ora pracaya marang para
panggedhe iku. 15 Sang Yohanan bin Kareah
nuli matur sesidheman marang Sang Gedalya
ana ing Mizpa: “Keparenga kula kesah mejahi
Ismael bin Netanya punika, ingkang boten
ngantos konangan sinten-sinten. Punapaa ta
dene panjenengan ngantos kasedanan, temah
tiyang Yehuda ingkang sampun sami nglempak
ndherek panjenengan punika lajeng pating
blesar malih lan kekantunanipun Yehuda sami
manggih tiwas?” 16 Ewadene Sang Gedalya bin
Ahikam mangsuli Sang Yohanan bin Kareah:
“Sampun tumindak makaten, awit punapa
ingkang panjenengan ngandikakaken bab
Ismael punika dora.”

41 1 Nalika sasi kapitu Sang Israel bin
Netanya bin Elisama -- panjenengane
iku tedhaking ratu lan dadi prawira-agunging
ratu -- kanthi wong sepuluh sowan marang
ngarsane Sang Gedalya bin Ahikam ana ing
Mizpa. Ing nalika semana padha kembul
dhahar roti ana ing Mizpa. 2 Sang Ismael
bin Netanya klawan kancane sepuluh kang
padha ndherek mau banjur padha nyedani
Sang Gedalya bin ahikam bin Safan kalawan
pedhang; kaya mangkono anggone Sang
Ismael nyedani panjenengane, sawuse
ditetepake dening Sang Nata ing Babil mengku
nagara iku. 3 Sakehing wong Yehuda kang
padha nunggal karo Sang Gedalya ing Mizpa
lan para wong Kasdim, yaiku para prajurit
kang tinemu ana ing kono, uga dipateni dening
Sang Ismael.

4 Esuke sawise nyedani Sang Gedalya -- ing
kala semana durung ana kang nyumurupi --
5 ana wong saka Sikhem, Silo lan Samaria,
cacahe wolung puluh, kang padha cukur
jenggot, panganggone rowak-rawek, lan
awake pating glaret; wong iku padha nggawa
kurban dhaharan lan menyan arep disaosake
ana ing padalemane Sang Yehuwah. 6 Sang
Ismael bin Netanya nuli medal saka Mizpa
methukake para wong mau kambi muwun.
Bareng ketemu karo wong iku pangandikane
marang wong-wong iku: “Sowana marang
ngarsane Sang Gedalya bin Ahikam!” 7 Nanging
bareng wong-wong mau padha tekan ing
tengah kutha, padha disembelehi dening
Sang Ismael bin Netanya dibiyantu dening
wong kang padha ndherekake; mayit-mayite
diuncalake menyang ing sumur. 8 Nanging
panunggalane ana sepuluh kang matur marang
Sang Ismael: “Kula mugi sampun panjenengan
pejahi, amargi kula taksih gadhah tandhon
ingkang kula dhelikaken wonten ing jawi
kitha inggih punika: gandum, sir, lisah
tuwin maben!” Dadine padha dieman, ora
dipateni bareng karo kanca-kancane. 9 Dene
sumur panggonane Sang Ismael nguncalake
mayit-mayite para wong kang padha dipateni
mau, sumur gedhe yasane Sang Prabu Asa
kanggo nanggulangi Sang Prabu Baesa, ratu
ing Israel; sumur iku diiseni mayit-mayite
wong kang padha dipateni Sang Ismael bin
Netanya. 10 Sang Ismael banjur nawan kabeh
kekarening rakyat kang ana ing Mizpa: para

putrine Sang Prabu lan sakehing wong kang
isih kari ana ing Mizpa kang didadekake
reh-rehane Sang Gedalya bin Ahikam dening
Sang Nebuzaradan, panggedhening prajurit
pengawal; Sang Ismael bin Netanya nawan
para wong iku lan banjur sumedya sumingkir
menyang ing tlatahe bani Amon.
11 Nanging Sang Yohanan bin Kareah dalah
para prawiraning wadya-bala kang padha
krungu bab pokal gawene Sang Ismael bin
Netanya mau, 12 banjur padha nglumpukake
balane kabeh mangkat mangsah perang
nglawan Sang Ismael bin Netanya. Katututan
ana ing telaga ing Gibeon. 13 Bareng sakehing
rakyat kang padha ndherek Sang Ismael
padha ndeleng Sang Yohanan bin Kareah
apadene sakehe wadya-bala, padha seneng
atine. 14 Sakehing wong kang ditawan dening
Sang Ismael saka ing Mizpa, iku padha mbalik
ndherek Sang Yohanan bin Kareah. 15 Nanging
Sang Ismael bin Netanya kanthi wong wolu
bisa oncat saka ing astane Sang Yohanan lan
ngungsi menyang tlatah Amon.
16 Sang Yohanan bin Kareah lan sakehe
prawiraning wadya-bala kang padha ndherek,
nglumpukake sakehe kekarening rakyat
kang kabandhang dadi tawanan dening Sang
Ismael bin Netanya saka ing Mizpa, sawise
nyedani Sang Gedalya bin Ahikam, yaiku
para wong lanang, para prajurit, para wong
wadon, bocah-bocah lan para punggawa
kraton kang digawa bali saka Gibeon; 17 nuli
padha mbacutake lakune lan leren ana ing

pondhokan darbeke Kimham ing sacedhake
Betlehem, sedyane arep terus menyang ing
tanah Mesir, 18 kanggo nyingkiri wadya-bala
Kasdim kang diwedeni, amarga Sang Ismael
wus nyedani Sang Gedalya bin Ahikam, kang
wus kaangkat dening ratu ing Babil dadi kang
mengku nagara iku.

Nabi Yeremia ngengetake supaya aja ngungsi menyang Mesir

42:1-22

42 1 Sakehing prawiraning wadya-bala,
kalebu Sang Yohanan bin Kareah
lan Sang Azarya bin Hosaya, dalah rakyat
kabeh, wiwit kang cilik tumeka kang gedhe
nuli padha sowan, 2 lan matur marang Nabi
Yeremia: "Kaparenga kula sami ngaturaken
panyuwunan wonten ing ngarsa panjenengan.
Panjenengan mugi karsaa ndongakaken kula
sadaya dhumateng Sang Yehuwah, Gusti
Allah panjenengan, kangge ingkang taksih
kantun punika sadaya; amargi tiyang ingkang
cacahipun kathah namung kantun kula ingkang
namung sakedhik punika ingkang taksih
kantun kados ingkang panjenengan pirsani
piyambak punika. 3 Mugi Sang Yehuwah,
Gusti Allah panjenengan, nyumerepaken
dhateng kula sadaya, margi pundi ingkang
kedah kula langkungi lan punapa ingkang
kedah kula lampahi." 4 Wangsulane Nabi
Yeremia marang para wong iku: "Panyuwunmu
wis dakrungu! Lah, aku arep ndedonga

marang Sang Yehuwah, Gusti Allahmu,
kayadene panyuwunmu iku, lan sakehing
pangandika, kang kaparingake minangka
wangsulan, bakal dakkandakake marang kowe
kabeh; satembung bae ora ana kang bakal
dakunthet!” 5 Atur wangsulane wong-wong
mau marang Nabi Yeremia: “Mugi Sang
Yehuwah dadosa seksi ingkang setya tuhu
lan kenging dipun pitados ingkang tumuju
dhateng kula sadaya, manawi kula boten
ngestokaken sadaya pangandikanipun Sang
Yehuwah, Gusti Allah panjenengan, ingkang
panjenengan dhawuhaken dhateng kula.
6 Saea awona, kula badhe mirengaken
sabdanipun Sang Yehuwah, Gusti Allah
kita, ingkang panjenengan sowani margi
saking panyuwun kula dhateng panjenengan,
supados kula manggih wilujeng, awit kula
sami ngestokaken dhateng sabdanipun Sang
Yehuwah, Gusti Allah kita.”
7 Bareng wus sepuluh dina Nabi Yeremia
tampi dhawuh saka Sang Yehuwah. 8 Nabi
Yeremia nuli nimbali Sang Yohanan bin Kareah
lan sakehe prawiraning wadya-bala, kang
padha ndherek, tuwin rakyat kabeh kang
cilik tumeka kang gedhe. 9 Nabi Yeremia nuli
ngandika marang wong-wong iku: “Mangkene
pangandikane Sang Yehuwah, kang daksowani
marga saka panyuwunmu, prelu ngunjukake
panyuwunan ana ing ngarsane. 10 Manawa sira
tetep manggon ana ing nagara kene, Ingsun
bakal mbangun lan ora bakal mbubrah sira.
Ingsun bakal ndadekake tuwuhira lan ora

bakal mbedholi sira, amarga Ingsun keduwung
anggoningSun ndhatengake bilai marang sira.
11 Aja padha wedi marang ratu ing Babil,
kang padha kokwedeni. Aja wedi marang
dheweke, -- mangkono pangandikane Sang
Yehuwah --, amarga Ingsun kang nunggal
kalawan sira, nylametake sira lan ngluwari sira
saka ing tangane. 12 Ingsun bakal ndadekake
sira oleh sih-piwelas, temah dheweke
mesakake marang sira lan ngendelake bae
kowe manggon ana ing tanahira. 13 Nanging
manawa sira lumuh ngrungokake sabdane
Sang Yehuwah, Gusti Allahira, sarta ngucap:
Aku emoh manggon ana ing tanah kene,
14 awit gagasanira: Ora! Aku arep mangkat
menyang tanah Mesir, ana ing kana aku ora
bakal ngalami paprangan, ora bakal krungu
kalasangka lan ora ngrasakake luwe, lan
aku bakal padha manggon ana ing kana!,
15 he kekarening Yehuda, saiki rungokna
pangandikane Sang Yehuwah, Gustining sarwa
dumadi, Gusti Allahe Israel: Manawa sira
kedereng sumedya menyang ing tanah Mesir,
nuli sira sida mangkat, lan manggon ana ing
kana dadi wong neneka, 16 pedhang kang
sira wedeni iku bakal nututi sira menyang
tanah Mesir lan ora kendhat-kendhat sira
bakal diuber-uber dening si luwe, kang
koksamari iku, temah sira mati ana ing kana.
17 Sakehing wong kang sumedya menyang ing
tanah Mesir arep manggon ana ing kana dadi
wong neneka, bakal mati dening pedhang,
kaliren lan pageblug; siji bae ora ana kang

bisa luwar utawa oncat saka ing bilahi, kang
Sundhatengake marang wong iku.
[18] Sanyata, mangkene pangandikane Sang
Yehuwah, Gustining sarwa dumadi, Gusti Allahe
Israel: Kayadene kasoking dedukaningSun
lan mulad-mulading bebenduningSun tumrap
wong kang manggon ana ing Yerusalem,
mangono uga kasoking dedukaningSun
tumrap sira, samangsa sira lunga menyang
Mesir. Sira bakal dadi ipat-ipat, pagiris, supata
lan cecampahan. Sira ora bakal ndeleng
panggonan iki maneh. [19] Sang Yehuwah
wus ngandika marang sira, he kekarening
Yehuda: Poma sira aja menyang Mesir!
Pikiren temenan, aku wus ngelingake marang
kowe ing dina iki! [20] Kowe wus mblithuk
awakmu dhewe, lan marakake nyawamu kena
ing bebaya, nalika kowe akon aku sowan
marang ing ngarsane Sang Yehwuah, Gusti
Allahmu kanthi piweling: Kula panjenengan
dongakaken dhateng Sang Yehuwah, saha
lajeng panjenengan ngandikakaken dhateng
kula sadhawuhipun Sang Yehuwah, Gusti Allah
kita, supados sami kula estokaken! [21] Nanging
sanadyan aku wus nyumurupake marang kowe
ing dina iki, ewadene kowe ora ngrungokake
sabdane Sang Yehuwah, Gusti Allahmu, yaiku
ora miturut marang sakehing pangandikane
kang dakterusake marang kowe. [22] Mulane,
pikiren kang temenan, manawa kowe kabeh
bakal padha mati dening pedhang, kaliren
lan pageblug ana ing panggonan kang

kokimpi-impi arep kokenggoni dadi wong
neneka.”

Nabi Yeremia kapeksa ngungsi menyang ing tanah Mesir

43:1-7

43 [1] Bareng Nabi Yeremia wus rampung
anggone nglantarake marang rakyat
kabeh sakehing pangandikane Sang Yehuwah,
Gusti Allahe, kang marga saka dhawuhe Sang
Yehuwah, Gusti Allahe, kapratelakake marang
para wong iku, yaiku: sakehing pangandika
kang kasebut ing dhuwur, [2] Sang Azarya bin
Hosaya lan Sang Yohanan bin Kareah sarta
sakehing wong kang padha gumunggung iku
padha banjur matur marang Nabi Yeremia:
“Pangandika panjenengan punika dora! Sang
Yehuwah, Gusti Allah kita boten ngutus
panjenengan supados ngandika: Sira aja lunga
menyang tanah Mesir, supaya manggon dadi
wong neneka ana ing kana, [3] nanging Barukh
bin Neria ingkang ngojok-ojoki panjenengan
supados ngandika makaten dhateng kula,
kanthi sedya badhe masrahaken kula dhateng
ing tanganipun tiyang Kasdim ingkang lajeng
badhe mejahi kula, punapadene ngangkataken
kula dados tiyang tawanan dhateng Babil.”
[4] Sang Yohanan bin Kareah lan sakehing
prawiraning wadya-bala lan rakyat kabeh
padha lumuh ngrungokake sabdane Sang
Yehuwah, supaya tetepa manggon ana ing
tanah Yehuda. [5] Sang Yohanan bin Kareah

lan sakehe prawiraning wadya-bala nuli
nglumpukake kekarene sakehing wong
Yehuda, yaiku sakehing wong kang wus mulih
saka ing antarane para bangsa, panggonane
anggone padha pating slebar, kang banjur arep
manggon ana ing tanah Yehuda, 6 para wong
lanang, para wong wadon, bocah-bocah para
putrane putri Sang Prabu lan sadhengah wong
kang padha ditinggal dening Nebuzaradan,
panggedhening bala pengawal, kanggo
Gedalya bin Ahikam bin Safan; mangkono uga
Nabi Yeremia lan Barukh bin Neria. 7 Banjur
padha budhal menyang ing tanah Mesir,
amarga padha ora gelem ngrungokake marang
sabdane Sang Yehuwah. Lakune wus tekan ing
Takhpanhes.

Nabi Yeremia meca, manawa Mesir bakal ditelukake dening Sang Prabu Nebukadnezar

43:8-13

8 Ana pangandikane Sang Yehuwah marang
Nabi Yeremia ana ing Takhpanhes mangkene:
9 "Njupuka watu kang gedhe-gedhe lan
pendhemen ana ing lemah lempung
sacedhake gapura kadhatone Sang Pringon
ing Takhpanhes, ana ing ngarepe para wong
Yehuda iku, 10 banjur padha kandhanana:
Mangkene pangadikane Sang Yehuwah,
Gustining sarwa dumadi, Gusti Allahe Israel:
Lah, Ingsun ngutus wong supaya nimbali
Nebukadnezar, ratu ing Babil abdiningSun

iku, supaya ngadegake dhampare ana ing
sadhuwure watu-watu kang Sundhawuhake
supaya dipendhem iku, lan nggelar babuding
kamulyane ana ing kono. 11 Lan samangsa iku
teka, bakal nggepuk tanah Mesir:
Sing marani pati, maranana pati!
Sing menyang ing tawanan, menyanga ing tawanan!
Sing marani pedhang, maranana pedhang!
12 Dheweke bakal ngurubake geni ana ing
kabuyutane para allah ing Mesir lan bakal
ngobong utawa ngangkuti iku dadi tawanan.
Lan bakal ngresiki tuma-tuma ing tanah
Mesir kayadene para pangon anggone metani
sandhangane, nuli bakal lunga saka kono
tanpa alangan. 13 Dheweke bakal ngrusak
tugu-tuguning brahala Betsyemes kang ana
ing Mesir lan bakal ngobongi kabuyutane para
allahe Mesir iku."

Pamecane Nabi Yeremia kang wekasan ana ing Mesir

44:1-30

44 1 Pangandikane Sang Yehuwah marang
Nabi Yeremia kanggo sakehing wong
Yehuda kang manggon ana ing tanah Mesir,
ing Migdol, ing Takhpanhes, ing Memfis lan
ing tanah Patros: 2 "Mangkene pangandikane
Sang Yehuwah, Gustining sarwa dumadi,
Gusti Allahe Israel: Sira wus padha ngalami
sakehing bilai kang wus Sundhawahake
marang Yerusalem, lan sakehing kuthane

Yehuda. Lah iku kabeh saiki wus dadi jugrugan
lan wus ora ana wong siji-sijia kang manggon
ana ing kono. 3 Iku jalarane marga saka piala
kang wus dilakoni, kang nuwuhake gerahing
panggalihingSun, yaiku anggone sesaji kurban
lan ngabekti marang allah liyane, kang
ora disumurupi dhewe, sira dhewe utawa
leluhurira. 4 Ingsun ora kendhat-kendhat wus
ngutus para abdiningSun, para nabi, kanthi
piweling: Poma aja nindakake kanisthan
kang Sunsengiti iku! 5 Nanging ora padha
ngrungokake lan ora ngestokake sarta
ora banjur ninggal pialane lan ora sesaji
kurban maneh marang allah liyane. 6 Mulane
mulad-mulading bebendu lan dedukaningSun
wus kaesokake lan mbesmi kutha-kuthane
Yehuda lan lurung-lurunge Yerusalem, temah
dadi jugrugan lan samun kaya kaanane ing
wektu iki. 7 Saikine, mangkene pangandikane
Sang Yehuwah, Gustining sarwa dumadi,
Gusti Allahe Israel: "Yagene sira nekakake
bilai gedhe marang awakira dhewe? Sira arep
numpes para wong lanang, wong wadon,
bocah-bocah lan bayining wong Yehuda,
nganti ora ana kekarene apa-apa. 8 Yagene
sira nuwuhake gerahing panggalihingSun
kalawan penggawening tanganira, yaiku sesaji
kurban marang allah liyane ing tanah Mesir,
kang sira parani amarga sumedya manggon
ana ing kono dadi wong neneka? Kena apa
sira arep dadi ipat-ipat lan cecampahan ana
ing satengahing sakehe bangsa ing bumi?
9 Sira apa wis ora kelingan marang pialane

para leluhurira, para ratu ing Yehuda, para
panggedhe apadene pialanira dhewe lan para
bojonira kang ditindakake ana ing tanah
Yehuda lan ing lurung-lurunge Yerusalem?
10 Wong iku padha ora rempu atine nganti
tumeka saprene, padha ora wedi lan ora
netepi Toret lan pranataningSun kang wus
Sunparingake marang sira lan para leluhurira.
11 Mulane mangkene pangandikane Sang
Yehuwah, Gustining sarwa dumadi, Gusti
Allahe Israel: Lah, Ingsun bakal ngadhepake
wadananingSun marang sira murih bilainira,
yaiku Ingsun bakal numpes sakehe wong
Yehuda. 12 Ingsun bakal mulung kekarening
wong Yehuda, kang sumedya lunga menyang
ing tanah Mesir, prelu manggon ana ing kana
dadi wong neneka; wong iku bakal padha
mati kabeh ana ing tanah Mesir; bakal padha
ambruk mati dening pedhang lan bakal tiwas
dening kaliren, wiwit kang cilik tumeka kang
gedhe; wong iku bakal padha mati dening
pedhang lan kaliren apadene bakal dadi
ipat-ipat, pagiris, supata lan cecampahan.
13 Ingsun bakal paring paukuman marang
wong kang manggon ana ing tanah Mesir iku,
kayadene anggoningSun ngukum Yerusalem,
yaiku kalawan pedhang, kaliren lan pageblug,
14 temah saka kekarene Yehuda, kang wus
menyang ing tanah Mesir nedya manggon ana
ing kono dadi wong neneka, ora ana siji-sijia
kang bisa oncat lan luwar bisa bali mulih
menyang ing tanah Yehuda, kang banget
dikangeni lan nedya manggon ana ing kono

maneh; sanyata wong iku ora bakal padha bisa bali mulih, kejaba wong sawatara kang padha ngungsi.”
15 Tumuli sakehe wong lanang kang padha ngreti manawa bojone padha sesaji kurban marang allah liyane, lan sakehe wong wadon kang padha ana ing kana, wong akeh banget, yaiku rakyat kang manggon ana ing tanah Mesir lan ing Patros, padha
mangsuli, tembunge: 16 “Menggah punapa ingkang panjenengan ngandikakaken atas asmanipun Gusti Allah punika, kula boten badhe mirengaken dhateng panjenengan,
17 nanging kula sami badhe nglajengaken nindakaken punapa ingkang sampun kula ucapaken, inggih punika sesaji kurban dhateng raja putri ing langit lan ngaturaken kurban unjuk-unjukan dhateng panjenenganipun, kados ingkang sampun sami kula lampahi, kula piyambak lan leluhur kula, punapadene para ratu saha pengageng kula ing kitha-kithanipun Yehuda lan ing lurung-lurungipun Yerusalem. Nalika samanten kula sami gadhah tetedhan cekap, kula sami rumaos begja lan boten
ngalami karibedan. 18 Nanging wiwit kula sami nyampuni anggen kula sesaji kurban lan ngaturaken kurban unjuk-unjukan dhateng raja putri ing langit, kula sami kekirangan samukawis lan sami kasirnakaken dening
pedhang tuwin kaliren.” 19 Para wong wadon mau padha numpangi: “Manawi kula sesaji kurban lan ngaturaken kurban unjuk-unjukan dhateng raja putri ing langit punika, punapa

boten kanthi kasumerepan dening semah kula,
ugi anggen kula sami damel tetedhan atur-atur
ngemba recanipun lan ngaturaken kurban
unjuk-unjukan dhumateng panjenenganipun
punika?”
20 Sawise iku Nabi Yeremia ngandika marang
rakyat iku kabeh, marang para wong lanang,
para wong wadon, lan sakehe wong kang
ngaturi wangsulan iku: 21 “Malah iya kurban
kang kokobong dhewe ana ing kutha-
kuthaning Yehuda lan ing lurung-lurunge
Yerusalem lan diobong dening para leluhurmu,
para ratumu, para panggedhemu lan rakyat ing
nagara, apa dudu iku kang diengeti lan digalih
dening Sang Yehuwah? 22 Sang Yehuwah wus
ora tahan maneh mirsani polah-tingkahmu
kang ala lan kanisthan kang padha koklakoni,
mulane nagaramu wis dadi jugrugan, pagiris
lan ipat-ipat sarta ora ana kang ngenggoni
kayadene kang wus kelakon saiki iki. 23 Kowe
wis padha sesaji kurban lan wis padha nglakoni
dosa ana ing ngarsane Sang Yehuwah, padha
ora ngrungokake pangandikane Sang Yehuwah
lan ora manut marang Torete, pranatane lan
tatanane, yaiku jalarane kowe banjur padha
ketaman ing bilai kayadene kang wus kelakon
saiki iki.”
24 Nabi Yeremia nuli ngandika marang rakyat
kabeh dalah sakehe wong wadon iku: “Padha
rungokna pangandikane Sang Yehuwah, he
para wong Yehuda, kang ana ing tanah Mesir.
25 Mangkene pangandikane Sang Yehuwah,
Gustining sarwa dumadi, Gusti Allahe Israel:

Sira, para wong lanang lan bojonira! Sira wus
padha ngleksanani apa kang dadi ujarira,
yaiku: aku bakal padha netepi temenan,
nadar kang wus daklairake, sumedya sesaji
kurban lan ngaturake kurban unjuk-unjukan
marang raja putri ing langit. Iya becik!
Wujudna lan luwarana nadarira temenan!
26 He wong Yehuda kang manggon ana ing
tanah Mesir, padha ngrungokna pangandikane
Sang Yehuwah. Lah, Ingsun wus supaos, demi
asmaningSun kang agung, -- pangandikane
Sang Yehuwah -- manawa asmaningSun ora
bakal disebut dening sawiji-wijining wong
Yehuda ana ing saindenging tanah Mesir,
kalawan ngucapake: Demi Gusti Allah kang
gesang! 27 Lan Ingsun njaga murih cilakane
lan ora murih begjane; sadhengah wong
Yehuda kang ana ing tanah Mesir, bakal tiwas
dening pedhang lan kaliren, nganti satapise.
28 Mung ana sawatara kang bisa oncat saka
ing pedhang -- cacahe mung sethithik --
kang bakal bali mulih saka Mesir menyang
tanah Yehuda. Dene sakehing kekarene wong
Yehuda kang wus menyang ing tanah Mesir
sumedya manggon ana ing kono dadi wong
neneka bakal nyumurupi tembunge sapa kang
kelakon: pangandikaningSun apa kandhane
wong-wong iku. 29 Mangkene pangandikane
Sang Yehuwah: Iki kang minangka tenger, yen
Ingsun bakal ndhawahake paukuman marang
sira ana ing panggonan kene, supaya sira
sumurupa manawa Ingsun bakal ngleksanani
apa kang Sunpangandikakake amrih

kasangsaranira.
30 Mangkene pangandikane
Sang Yehuwah: Lah, Ingsun bakal ngulungake
Pringon Hofra, ratu ing Mesir marang ing
tanganing mungsuhe, lan ing pangwasaning
para wong kang ngarah nyawane, kayadene
anggoningSun ngulungake Zedhekia, ratu ing
Yehuda, marang ing tangane Nebukadnezar,
ratu ing Babil, mungsuhe kang ngarah
nyawane.”

Panglipure Nabi Yeremia marang Barukh

45:1-5

45 1 Pangandikane kang diluntakake Nabi
Yeremia marang Barukh bin Neria,
rikala Barukh ing taun kapate jumenenge
Sang Prabu Yoyakim bin Yosia, ratu ing
Yehuda, wus nulisi sakehing pangandika mau
ana ing kitab, tinampan saka ing tutuke
Nabi Yeremia:
2 “Mangkene pangandikane
Sang Yehuwah, Gustining sarwa dumadi,
Gusti Allahe Israel tumrap kowe, he Barukh!
3 Sarehne sira wus ngucap: Adhuh cilaka aku,
dene Sang Yehuwah wus muwuhi kasusahan
marang prihatinku! Aku nglentrih marga
saka anggonku sambat-sambat lan aku ora
oleh katentreman.
4 Mangkene pangandikane
Sang Yehuwah: Lah, apa kang Sunyasa,
bakal Sunbubrah, lan apa kang Suntanem
bakal Sunbedholi, malah sanadyan nganti
saindenging nagara!
5 Sira aja ngarah marang
prakara kang muluk-muluk kanggo sira dhewe!
Poma aja sira gayuh! Awitdene, lah, Ingsun

ndhatengake bilai tumrap sakehing titah, --
mangkono pangandikane Sang Yehuwah --,
nanging sira iku bakal Sunparingi nyawanira
kayadene rayahan ana ing ngendi-endia
panggonan kang bakal sira parani.”

PAMECA TUMRAP BANGSA-BANGSA LIYANE

BAB 46-51

Pangandikane Sang Yehuwah tumrap para bangsa

46:1

46 [1] Pangandikane Sang Yehuwah marang
Nabi Yeremia tumrap para bangsa.

Tumrap Mesir

46:2-28

[2] Tumrap Mesir.
Tumrap wadya-balane Sang Prabu Pringon
Nekho, ratu ing Mesir, kang ngadegake
kemah ana ing sapinggire bengawan Efrat,
ing sacedhake Karkhemis lan kang diasorake
dening Sang Prabu Nebukadnezar, ratu ing
Babil, nalika ing taun kang kaping pate
paprentahane Sang Prabu Yoyakim bin Yosia,
ratu ing Yehuda:
[3] “Cepakna tameng gedhe lan tameng cilik
lan majua perang!
[4] He para bala jaranan,

jaranira abah-abahana lan tunggangana!
Nataa gelarira kalawan nganggo topong,
asahana tumbakira,
ngrasuka kerenira!
5 Yagene Sunpirsani
padha giris
sarta padha mundur?
Prawirane padha kasoran,
mlayu sar-saran,
tanpa nolah-noleh,
pagiris saka keblat papat!,
-- mangkono pangandikane Sang Yehuwah --.
6 Wong kang cancingan ora bisa lumayu,
pahlawan ora bisa oncat,
ana ing sisih lor ing sapinggire bengawan Efrat
padha kejengklok lan ambruk.
7 Sapa ta kang mbludag kaya bengawan Nil
lan kang banyune molak-malik kaya kali?
8 Iya iku Mesir kang mbludag kaya bengawan Nil,
lan banyune molak-malik kaya kali.
Sumbara: Aku arep ngluberi lan nutupi bumi
nyirnakake kutha saisine.
9 He jaran, padha nyandera!
He kareta perang, padha mbalapa!
He para prawira mangsaha perang!
He kowe wong Etiopia lan wong Put
kang asikep tameng
lan wong Lidia kang menthang gandhewa!
10 Iki dinane Pangeran Yehuwah, Gustining sarwa dumadi,

dina piwales
dina tumibaning piwales marang para mungsuhe.
Pedhang bakal memangsa nganti wareg,
lan nguyup getihe nganti marem.
Amarga Gusti Allah, Gustining sarwa dumadi
nganakake kurban sembelehan ing tanah lor
ing sacedhake bengawan Efrat.
11 He kenya putri Mesir!,
menyanga ing Gilead njupuk beboreh!
Ora ana gunane anggonmu tetamba akeh,
kowe ora bakal bisa mari!
12 Para bangsa wus padha krungu mungguh cacadmu,
bumi wus kebak pasambatmu,
amarga para prawira padha tunjang-tinunjang,
sakarone bareng ambruk."
13 Pangandikane Sang Yehuwah marang
Nabi Yeremia, bab rawuhe Sang Prabu
Nebukadnezar, ratu ing Babil, arep nelukake
tanah Mesir:
14 "Wartakna ana ing Mesir,
lan kandhakna ana ing Migdol!
Kandhakna ana ing Memfis lan ing Takhpanhes!
Tuturana: Nataa gelar lan samektaa,
amarga ing saubengira wus gusis,
kamangsa ing pedhang!
15 Yagene Apis keplayu
sapinira lanang apa ora kuwawa nanggulangi?

Sanyata, Sang Yehuwah wus nelukake
dheweke!
16 Saka ing antaranira akeh kang kejengklok
lan ambruk,
kang siji kandha marang sijine:
Payo padha ngulihi bangsa kita,
tanah kalairan kita,
prelu ngendhani pedhang kang ngamuk
iki!
17 Nyebuta jenenge Pringon, ratu ing Mesir:
Tukang ribut kang ora migunakake wektu
kang becik.
18 Demi Ingsun kang gesang,
-- mangkono pangandikane Sang Prabu
kang asmane Yehuwah, Gustining sarwa
dumadi, --
tekane bakal prasasat gunung Tabor
kang munggul ing antarane gunung-
gunung liyane,
kaya gunung Karmel ing pinggiring sagara.
19 He putri Mesir kang wis suwe pamanggonira
nyepakna samubarang kang kanggo
lakunira
menyang ing pambuwangan.
Amarga Memfis bakal dadi sepi mamring,
dinadekake jugrugan kang ora dienggoni
maneh.
20 Mesir iku pedhet kang bregas,
nanging ana laler cathak siji kang nekani
saka lor.
21 Uga prajurit buruhan kang ana ing kono,
iku kaya pedhet-pedhet kang lemu,
padha minger lan lumayu bebarengan,

padha ora bisa nanggulangi,
amarga dinaning bilai nempuh marang wong-wong iku,
yaiku mangsa tibaning paukumane.
22 Swarane kaya ula kang ngeses,
samangsa padha maju kanthi wadya-bala;
padha nempuh marang dheweke klawan nggawa wadung
kayadene para blandhong.
23 Wong iku padha negori alase,
-- mangkono pangandikane Sang Yehuwah, --
sanadyan ora kena dileboni:
amarga luwih akeh katimbang walang,
tanpa wilangan cacahe.
24 Putri Mesir dadi kawirangan
dipasrahake marang ing tangane bangsa saka ing lor."

25 Pangandikane Sang Yehuwah, Gustining sarwa dumadi, Gusti Allahe Israel: "Lah, Ingsun ndhatengake paukuman marang dewa Amon saka Tebe, marang Pringon dalah tanah Mesir, para dewane lan para ratune, yaiku marang Pringon dalah para wong kang pracaya
marang dheweke.
26 Ingsun bakal ngulungake wong-wong iku marang ing tangane wong kang ngarah marang nyawane, yaiku ing tangane Nebukadnezar, ratu ing Babil lan para punggawane. Nanging sawise iku, nagara iku bakal dienggoni kaya dhek jaman kuna, -- mangkono pangandikane Sang Yehuwah --.

27 Dene sira, he abdiningSun Yakub, aja wedi,
he Israel, aja kuwatir!

Amarga lah, Ingsun mitulungi sira saka ing
panggonan kang adoh,
tuwin turunira saka ing nagara
pambuwangane.
Yakub bakal bali mulih
lan urip ayem sarta tentrem,
tanpa ana kang gawe giris.
28 Dene sira, he abdiningSun Yakub, aja wedi,
-- mangkono pangandikane Sang Yehuwah
--,
amarga Ingsun nganthi sira,
sakehing bangsa ing nagara,
panggonan anggoningSun mbuyarake sira,
iku bakal Sunsirnakake,
nanging sira iku ora bakal Suntumpes,
Ingsun bakal nggitiki sira manut ing
angger-angger,
nanging Ingsun babar pisan ora nganggep
sira
tanpa kaluputan.”

Tumrap wong Filisti

47:1-7

47 1 Pangandikane Sang Yehuwah marang
Nabi Yeremia tumrap bangsa Filisti,
sadurunge Sang Pringon nelukake Gaza.
2 “Mangkene pangandikane Sang Yehuwah:
Lah banyu kang mbludag ngamuk saka lor
dadi kali kang banjir
ngelebi nagara saisine,
kutha dalah kang manggon.
Manungsa bakal padha sesambat,

sarta wong kang manggon ing kutha
bakal padha nangis,
3 krungu gumedering sikile jaran-jarane kareta,
lan gumledheging rodhane.
Para bapa padha ora tumoleh,
ngelingi marang anak-anake maneh
amarga tangane wis lemes,
4 jalaran wus tumeka ing dinane
tumrap panumpesing sakehe wong Filisti
lan anggone nyirnakake
sadhengah pambiyantu kang isih ana tumrap Tirus lan Sidon.
Lah, Sang Yehuwah bakal numpes wong Filisti,
yaiku kekarening wong kang teka
saka ing pulo Kaftor.
5 Gaza wis dadi gundhul,
Askelon wis meneng cep.
He Asdod, kekarene wong Enak,
isih sapira suwene anggonira mbeleki awakira?
6 Adhuh pedhange Sang Yehuwah,
isih sapira suwene anggonmu banjur leren?
Lumebua ing warangkamu maneh,
menenga lan lerena!
7 Nanging kapriye bisane leren?
Rak Sang Yehuwah kang dhawuh?
Menyang ing Askelon lan ing pasisir,
iya mrana iku anggone Panjenengane ndhawuhi!”

Tumrap Moab

48:1-47

48 [1] Tumrap Moab.
Mangkene pangandikane Sang
Yehuwah, Gustining sarwa dumadi,
Gusti Allahe Israel:
“Bilai Nebo, amarga kutha iku wus karusak!
Kiryataim wus kawirangan lan wus
karebut!
Kutha-beteng iku kawirangan lan giris!
[2] Kamulyane Moab wus sirna!
Ana ing Hesybon wong ngrantam bilai
tumrap kutha iku:
Payo padha disirnakake bangsa iku!
He Madmen, uga sira bakal dibungkem,
sira bakal kaoyak-oyak dening pedhang.
[3] Rungokna! Pasambat saka ing Horonaim:
Karusakan! Gempuran gedhe!
[4] Moab wus digempur nganti lebur,
pasambating wong keprungu nganti tekan
Zoar.
[5] Lah, wong padha munggah
ing unggah-unggahan Luhit karo nangis.
Lah, ing dalan udhun-udhunan menyang
Horonaim,
keprungu pasambat marga tinempuh ing
sangsara.
[6] Lumayua, ungsekna nyawanira;
dadia kaya kuldi alas ing pasamunan!
[7] Lah, sarehne sira ngendelake betengira,
lan kasugihanira,

sira uga bakal karebut.
Kamos bakal menyang ing pambuwangan,
bareng karo para imam lan panggedhene.
8 Juru pangrusak bakal nekani saben kutha,
ora ana kutha kang bisa oncat!
Lebak bakal rinusak,
tanah ngare sirna babar pisan,
kaya kang dadi pangandikane Sang Yehuwah.
9 Moab wenehana swiwi,
supaya bisa lunga mabur;
kutha-kuthane bakal dadi sepi mamring,
ora ana wong kang manggon ing kono maneh.
10 Kenaa ing ipat-ipat wong kang nindakake
ayahane Sang Yehuwah kanthi sembrana,
lan kenaa ing ipat-ipat wong kang menggak
pedhange anggone ngwutahake getih!
11 Moab uripe tentrem wiwit nom-nomane,
uripe ayem kaya anggur meneb ana ing endheg-endhege,
ora diiling saka ing wadhah kang siji marang ing sijine,
ora tau klebu ing pambuwangan,
mulane rasane ora malih
lan gandane ora owah.
12 Mulane, lah bakal tumeka ing titi-mangsane,
-- mangkono pangandikane Sang Yehuwah,
-- Ingsun bakal ngutus para tukang kang
bakal ngiling nyuntaki wadhah-wadhahe lan
ngremuk guci-gucine. 13 Dene Moab bakal
kawirangan marga saka Bathara Kamos, padha

kayadene turune Israel anggone kawirangan
marga saka Betel, kang dadi andel-andele.

14 Kapriye dene sira wani ngucap:
Aku kabeh iki pahlawan,
wong kang gagah prakosa tumrap ing perang!
15 Juru pangrusak wus nempuh nagara Moab dalah kutha-kuthane,
para nom-noman pilihan wus padha kasembelehan,
-- mangkono pangandikane Sang Prabu kang asmane Sang Yehuwah, Gustining sarwa dumadi. --
16 Bilaine Moab wus meh teka,
kasangsarane enggal bakal nekani.
17 He wong kang ana ing saubenge, padha nangisana,
he wong kang padha weruh jenenge!
Kandhakna: Lah tetengering pangwasane,
tekening kamulyan wus putung!
18 He putri ing Dibon kang wis suwe manggon ana ing kono,
lengsera saka ing kaluhuranira
lan lungguha ing tlethongan!
Amarga juru pangrusak Moab wus mangsah nempuh sira,
sarta nyirnakake panggonan-panggonanira
kang ana balowartine.
19 He para wong ing Aroër,
ngadhanga ing pinggir dalan lan ngungaka!
Takona marang kang padha keplayu lan bisa oncat,
takona, apa kang wus kelakon!

20 Moab wus kawirangan, amarga giris.
Nangisa lan sesambata,
wartakna ana ing kali Arnon:
Sanyata, nagara Moab wus rusak!
21 Tanah lempar kang dhuwur wus padha
katibanan paukuman, uga kutha-kuthane:
Holon, Yahas, Mefaat, 22 Dibon, Nebo, Bet-
Diblataim, 23 Kiryataim, Bet-Gamul, Bet-Meon,
Keriot, Bozra 24 lan sakehing kutha-kutha ing
tanah Moab kang adoh lan kang cedhak.
25 Sungu kekuwataning Moab wus putung,
sarta bau panguwasane wus pepes!
Mangkono pangandikane Sang Yehuwah.
26 Dheweke endemana, amarga ngegungake
awake dhewe ana ing ngarsane Sang
Yehuwah. Moab bakal glimpangan ana ing
utah-utahane, lan dheweke dhewe uga bakal
dadi pepoyokaning wong. 27 Apa maune dudu
Israel kang dadi poyokan? Apa dheweke
ana ing satengahe para maling, nganti dene
sira gedheg-gedheg, saben sira ngrembug
dheweke?
28 He wong ing tanah Moab,
tinggalen kutha-kuthanira
lan manggona ana ing gunung parang!
Dadia kaya manuk dara kang nusuh ana ing
cangkeming guwa.
29 Aku wus padha krungu bab gumunggunge
Moab,
-- banget anggone kumlungkung,
-- bab kumingsune, gumunggunge lan
kumlungkunge,
sarta gumedhene atine!

30 Ingsun wus nguningani kumenthuse,
-- mangkono pangandikane Sang Yehuwah, --
ora bener tembunge, ora patut solah-tingkahe.
31 Mulane aku arep nangisi Moab,
arep sesambat marga saka Moab kabeh
lan ngadhuh-adhuh marga saka wong Kir-Heres!
32 Aku bakal nangisi kowe,
ngluwihi anggonku nangisi Yaezer
he wis anggur Sibma!
Elung-elungmu mrambat tekan ing sagara,
nggedhabyah tekan ing Yaezer.
Si pengrusak wus ambruk
nibani panenanmu mangsa katiga lan oleh-olehaning anggurmu.
33 Sukarena lan giyak-giyak wus sirna,
saka kebon woh-wohan lan saka ing tanah Moab.
Ingsun wus ngedohake anggur saka ing pamipitan,
tukang ngiles wus ora ana kang ngiles,
suraking kabungahan wus ora keprungu maneh.

34 Hesybon lan Eleale gembar-gembor, wong
padha ngumbar swarane nganti tekan Yahas,
saka Zoar tekan Horonaim lan Eglat-Selisia,
amarga banyune kali Nimrim uga wus asat.
35 Pangandikane Sang Yehuwah: Ingsun
bakal mbubarake wong Moab anggone aweh
kurban obaran ing tengger pangurbanan, lan
kekutug marang allahe.

36 Marga saka iku kayadene Ingsun trenyuh
miyarsa swaraning suling, mangkono uga
galihingSun trenyuh nguningani kaanane
Moab lan kaanane para wong Kir-Heres;
sakehing bandhane kang ditumpuk-tumpuk
rak wis ilang kabeh? 37 Lah, saben sirah
diplonthos lan sadhengah jenggot dicukur,
kabeh tangan ana belekane lan padha nganggo
sandhangan prihatin ana ing lambunge. 38 Ing
payon-payonaning omah ing Moab lan ing
alun-alune mung ana kasusahan thok; --
lah, Ingsun wus ngepruk Moab kaya wadhah
beling, temah ora ana wong kang seneng
marang iku, -- mangkono pangandikane Sang
Yehuwah. -- 39 Iba kagete Moab! Iba wirange
Moab, nganti ngumpetake raine! Moab wus
dadi pepoyokan lan pagiris tumrap wong ing
saubenge kabeh.

40 Amarga -- mangkene pangandikane Sang Yehuwah: --
Lah, tekane nglayang kaya manuk garudha,
lan ngegarake swiwine ing sadhuwure tanah Moab.
41 Kutha-kutha padha dibedhah,
beteng-beteng panangguIangan digempur,
atine para prawiraning Moab ing kala semana
kaya atine wong wadon kang lagi nglarani.
42 Moab bakal mari anggone dadi bangsa,
amarga ngegungake dhiri ana ing ngarsane Sang Yehuwah.
43 He wong isine nagara Moab,

pagiris, luwangan lan kalajiret dadi
pandumanira;
-- mangkono pangandikane Sang
Yehuwah. --
44 Kang keplayu marga saka pagiris
bakal kecegur ing luwangan,
kang krekelan saka ing luwangan
kena ing jiret.
Lah, Ingsun ndhatengake iki kabeh marang
Moab,
ing taun tibaning paukumane,
-- mangkono pangandikane Sang
Yehuwah. --
45 Ana ing pangaubane Hesybon,
para wong kang keplayu padha mandheg,
entek kakuwatane,
nanging banjur ana geni kang metu saka ing
Hesybon,
urubing geni saka ing kratone Sihon,
kang mangsa pilingane wong Moab
lan pathake para wong kang gawe ribut.
46 Cilaka sira, he Moab!,
sira bakal tumpes, he bangsa kang
nyembah marang Bathara Kamos.
Amarga anak-anakira lanang wus padha
cinulik dadi bandhangan
lan anak-anakira wadon dadi tawanan.
47 Nanging besuk Ingsun bakal mulihake
kaanane Moab.
Mangkono pangandikane Sang Yehuwah.”
Tekan samene pangandikane bab paukuman
tumrap Moab.

Tumrap bani Amon

49:1-6

49 1 Tumrap bani Amon.
Mangkene pangandikane Sang
Yehuwah:
Apa ora ana turune Israel,
apa ora ana ahli warise?
Kena apa Bathara Milkom ndarbeni Gad,
lan bangsane ngenggoni kutha-kuthane?
2 Mulane, lah bakal tumeka ing titi-mangsane
-- mangkono pangandikane Sang
Yehuwah, --
Ingsun bakal damel anane
surak ramening paprangan,
nglawan Raba kuthane bani Amon.
Kutha iku bakal dadi punthuk kang garing,
lan kutha-kutha wewengkone bakal padha
diobongi,
dene Israel bakal ngebeki wong-wong kang
biyen ndarbeni iku
-- mangkono pangandikane Sang
Yehuwah. --
3 He Hesybon, nangisa, amarga si pangrusak
wus mangsah nempuh,
he para putri ing Raba,
nganggoa sandhangan prihatin, prihatina,
ngubengana kutha klawan tatuning
belekan,
amarga Milkom bakal katawan menyang ing
pambuwangan

bareng karo para imam lan para
panggedhene.
4 He putri kang kumlungkung,
sira kok ngegung-ngegungake lebak-
lebakira
lan ngendelake raja-brananira sarta
ngucap:
Sapa kang wani teka nempuh aku?
5 Lah, Ingsun ndhatengake pagiris marang
sira,
-- mangkono pangandikane Pangeran
Yehuwah, Gustining sarwa dumadi, --
saka ing sakehing panggonan ing saubengira
temah sira padha pating jlerit
lumayu manut parane dhewe-dhewe,
lan ora ana kang nglumpukake para wong
kang pating blesar iku.
6 Nanging sawise mangkono Ingsun bakal
mulihake
kaanane bani Amon iku.
Mangkono pangandikane Sang Yehuwah.”

Tumrap Edom

49:7-22

7 Tumrap Edom.
Mangkene pangandikane Sang Yehuwah,
Gustining sarwa dumadi:
“Apa wus ora ana kawicaksanan ing
Teman?
Pamrayogane para wong limpad ing budi
apa wis ilang?
Kawicaksanane apa wis musna?

8 He wong ing kutha Dedan, mlayua dikebat,
ndhelika ing guwa-guwa!
Amarga Ingsun bakal ndhatengake bilai
marang Esap
ing samangsa Ingsun ngukum dheweke.
9 Yen juru ngundhuhi anggur nekani sira,
bakal ora ngarekake turahaning
pangundhuhe?
Yen ana maling ing wayah bengi nekani sira,
rak bakal ngrusak sasenenge?
10 Nanging Ingsun wus mblejedi Esap,
ngeblakakake papan-papan pandhelikane
temah ora bisa umpetan maneh.
Turune wis tumpes, dene sadulur-sadulure
apadene tangga-tangga bangsane wis ora
ana maneh.
11 Tinggalen anak-anakira kang lola, bakal
Sunuripi,
cikben randha-randhanira kumandel
marang Ingsun!”
12 Amarga mangkene pangandikane Sang
Yehuwah: “Sanadyan para wong kang ora
pantes ngombe isining tuwung iku, kapeksa
wis ngombe, apa iya sira bakal luwar saka
ing paukuman? Sira ora bakal luwar saka
ing paukuman, nanging mesthi ngombe!
13 Amarga Ingsun wus supaos, demi Ingsun
piyambak, -- mangkono pangandikane Sang
Yehuwah --, Bozra bakal dadi garing, ciri,
jugrugan lan ipat-ipat lan sakehe kuthane
bakal dadi jugrugan kang langgeng!”
14 Aku wus krungu warta saka Sang Yehuwah,

sawijining utusan wus kadhawuhan
menyang ing satengahing para bangsa:
“Padha ngumpula, majua, nempuha,
samektaa ing perang!
15 Amarga lah, Ingsun wus ndadekake sira asor
ana ing antarane para bangsa,
diremehake ana ing antarane manungsa.
16 Trajangira kang nggegirisi
lan kumlungkunge atinira, ngloropake sira,
iya sira kang ana ing guwa-guwa parang,
lan kang ana ing dhuwur gunung!
Sanadyan sira gawe susuhira ana ing papan kang dhuwur,
kaya manuk garudha,
Ingsun bakal mlorodake sira saka ing kono,
-- mangkono pangandikane Sang Yehuwah. --
17 Edom bakal dadi garing; saben wong
kang ngliwati panggonan kono kaget semu
gumun lan ngeses marga sakehing wewelake!
18 Kayadene nalika Sodom lan Gomora sarta
kutha-kutha ing saubenge diobrak-abrik --
pangandikane Sang Yehuwah -- ora ana wong
siji-sijia kang manggon lan ora bakal ana
manungsa siji bae kang dedunung ing kono.
19 Lah, kayadene singa kang jumedhul saka ing
alas gegrumbulane bengawan Yarden, marani
pasuketan panggonaning pepanthan wedhus,
mangkono uga Ingsun bakal ndadekake wong
iku dadakan padha lumayu saka ing nagara
kono sarta matah ana ing kono sapa kang
Sunpiji. Amarga sapa kang kaya Ingsun? Sapa

kang wani ndakwa Ingsun? Pangon sing endi
kang wani adu arep karo Ingsun? [20] Mulane
rungokna kekancingane Sang Yehuwah tumrap
Edom lan rantamane Pangeran tumrap wong
ing Teman.

Menawa kang cilik dhewe saka ing antarane
pepanthan wedhus bakal diseret.
Menawa pasuketane dhewe bakal ngrasa
kaget
semu gumun marga saka kaanane iku.
[21] Bumi bakal horeg marga saka swarane
tibane;
panjerite keprungu nganti tekan ing sagara
Teberau.
[22] Lah banjur mumbul mabur kaya manuk
garudha,
nglayang lan ngegarake swiwine ing
dhuwure Bozra.
Atine para prawiraning Edom ing dina iku
bakal kaya atine wong wadon kang lagi
nglarani.”

Tumrap Damsyik

49:23-27

[23] Tumrap Damsyik.
“Hamat lan Arpad padha wirang,
amarga padha krungu warta kang ala;
atine dheg-dhegan marga semplah,
ora bisa tentrem.
[24] Damsyik wis ora duwe krekat,
mengo arep lumayu,
kecandhak ing pagiris,

karupekan lan krasa lara kaya wong wadon
kang lagi nglarani,
kaya wong wadon kang lagi nglairake.
25 Lah, kutha kang dadi pangaleman
lan gambira iku wus ditinggal prung.
26 Mulane para nom-nomane bakal padha ambruk
ana ing alun-alune
lan sakehing prajurite bakal padha ora cemuwit ing dina iku.
-- Mangkono pangandikane Sang Yehuwah. --
27 Ingsun bakal ngurubake geni ana ing balowartine kutha Damsyik
lan ngobong kratone Benhadad.”

Tumrap suku-suku bangsa Arab

49:28-33

28 Tumrap Kedar lan karajan-karajane Hazor, kang digecak kaesorake dening Sang Prabu Nebukadnezar, ratu ing Babil.
Mangkene pangandikane Sang Yehuwah:
“Samektaa, majua perang nglawan Kedar,
para wong ing sisih wetan sirnakna!
29 Kemah-kemah lan pepanthaning wedhuse
karayaha nganti gusis, dalah tendha-tendha lan sakehing pirantine.
Unta-untane kabandhangana kabeh uga,
lan padha kasurakana: Pageger saka keblat papat!
30 Lumayua, ngungsia dikebat, ndhelika ing guwa-guwa,

he wong ing kutha Hazor! -- mangkono
pangandikane Sang Yehuwah. --
Amarga Nebukadnezar, ratu ing Babil
wis gawe putusan tumrap sira kabeh
lan wus gawe rancangan tumrap sira.
31 Samektaa, majua perang nglawan bangsa
kang santosa uripe,
kang manggon klawan ayem-tentrem,
-- mangkono pangandikane Sang Yehuwah,
--
apadene kang ora duwe gapura utawa slarak
sarta mencil pamanggone.
32 Unta-untane bakal dadi jarahan
lan raja-kayane kang akeh cacahe iku dadi
rayahan.
Ingsun bakal mbuyarake marang keblat
papat
sakehing wong kang nyukur pucuking
rambute mubeng
lan Ingsun bakal ndhatengake bilai tumrap
marang para wong iku,
-- mangkono pangandikane Sang
Yehuwah. --
33 Hazor bakal dadi pandhelikane asu ajag,
dadi papan ngenthak-enthak ing
salawas-lawase.
Ora ana wong siji-sijia kang bakal manggon
ing kono
lan ora ana manungsa siji bae kang bakal
dedunung ana ing kono maneh.”

Tumrap Elam

49:34-39

34 Pangandikane Sang Yehuwah marang
Nabi Yeremia tumrap Elam, ing nalika wiwit
jumenenge Sang Prabu Zedhekia, ratu ing
Yehuda: 35 Mangkene pangandikane Sang
Yehuwah, Gustining kang sarwa dumadi:

“Lah Ingsun mutung gandhewane Elam,
yaiku bakune kakuwatane.

36 Ingsun ndhatengake marang Elam angin
papat saka keblat papat lan bakal mbuyarake
wong-wong iku marang keblat papat, temah
ora ana bangsa siji-sijia kang ora ketekan
wong Elam kang pating blesar mau.

37 Ingsun ndadekakake girise Elam ana ing ngareping mungsuhe
lan ing ngarepe para wong kang ngarah nyawane,
Ingsun bakal ndhatengake bilai marang Elam,
yaiku dedukaningSun kang mulad-mulad,
-- mangkono pangandikane Sang Yehuwah. --
Ingsun bakal ngutus pedhang mburu wong-wong mau
nganti Sunsirnakake kabeh.
38 Ingsun bakal ngadegake dhamparingSun ana ing Elam,
lan Ingsun bakal nyirnakake para raja lan para panggedhe ing kono

-- mangkono pangandikane Sang
Yehuwah. --
39 Nanging besuk Ingsun bakal mulihake
kaanane Elam. Mangkono pangandikane Sang
Yehuwah."

Tumrap Babil

50:1-46

50 1 Pangandikane Sang Yehuwah lumantar
Nabi Yeremia tumrap Babil lan tanahe
para wong Kasdim:

2 "Undhangna ana ing antarane para bangsa
lan wartakna,
ngadegna tunggul lan wartakna,
aja disidhem, kandhakna:
Babil wus bedhah,
Bathara Bel nandhang wirang,
Bathara Merodakh wus nandhang giris.
Brahalane padha wirang,
para dewane kang nistha padha katempuh
ing pagiris.
3 Ana sawijining bangsa kang nempuh Babil
saka ing lor,
njalari tanahe dadi garing,
ora ana kang ngenggoni maneh,
manungsa apadene kewan
kabeh padha keplayu larud.
4 Mangkene pangandikane Sang Yehuwah:
Ing wektu lan ing mangsa iku
wong Israel bakal teka
bebarengan karo wong Yehuda;
wong iku bakal padha lumaku karo nangis

ngupaya Sang Yehuwah, Gusti Allahe;
5 wong iku padha takon dalan menyang Sion,
parane mrana:
Payo kita padha nunggal karo Sang Yehuwah,
nunggal ing prajanjian kang langgeng,
kang ora bisa dilalekake.
6 Maune umatingSun kaya wedhus-wedhus kang ketriwal,
padha kesasar ditogake bae dening para pangone!,
diuja saba ana ing gunung-gunung,
padha lumaku saka ing gunung menyang ing tengger,
temah lali marang plegungane.
7 Padha dimangsa dening wong kang padha mrangguli nganti entek;
lan para satrune padha ngucap:
Aku padha ora luput!
Amarga iku wus padha nglakoni dosa
marang Sang Yehuwah papaning kabeneran,
Sang Yehuwah, kang dadi pangarep-arepe para leluhure!
8 Padha lumayu saka ing laladan Babil,
saka ing nagarane wong Kasdim!
Metua! Dadia kaya wedhus-wedhus lanang,
kang manggedheni pepanthane!
9 Amarga lah, Ingsun ngebahake
lan nangekake bangsa golongan
gedhe saka ing tanah lor, supaya nglawan Babil.

Wong-wong iku padha masang gelar kanggo
nglawan mungsuhe,
saka ing kono anggone mbedhah kutha.
Panah-panahe kaya pahlawan kang begja,
kang ora tau bali nglenthung.
10 Nagarane bangsa Kasdim bakal dadi
jarahan,
sakehe wong kang njarah-rayah bakal
padha lega atine.
-- Mangkono pangandikane Sang Yehuwah.
--
11 He wong kang padha ngrayah
bandhaningSun,
sanadyan sira padha seneng-seneng
lan suka-parisuka,
tuwin mencolot-mencolot kaya pedhet ana
ing pangonan,
sarta mbeker-mbeker kaya jaran lanang,
12 ewadene biyungira nandhang wirang
banget
lan wong wadon kang nglairake sira
klicutan!
Lah, dheweke dadi kang buncit dhewe,
ing antarane para bangsa,
dadi pasamunan, dadi alas, lan pasuketan
garing!
13 Marga saka bebendune Sang Yehuwah,
nagara iku ora bakal didunungi manungsa
maneh,
dadi tanah garing babar pisan.
Saben wong ngliwati Babil bakal kaget semu
gumun,

tuwin ngeses marga wewelak kang
disandhang.
14 He para bala kang asikep gandhewa
masanga gelar kanggo nempuh Babil
saka keblat papat.
Lepasna panahira aja nganggo ngeman
panah,
amarga iku nglakoni dosa marang Sang
Yehuwah.
15 Padha nempuha kambi surak-surak saka
ing keblat papat!
Wonge wis asrah bongkokan,
saka-sakane wis rubuh,
pager-pagere wis ambruk!
Lah iku piwalese Sang Yehuwah.
Tibakna piwalesira.
Tandukna kayadene kang ditandukake!
16 Sirnakna juru nyebar saka ing Babil,
sarta wong ngerit ing mangsa panen!
Kanggo nyingkiri pedhang kang nggegirisi
iku,
saben wong bakal ngulihi bangsane,
lan lumayu menyang nagarane.
17 Israel iku kaya wedhus kang dibuyarake,
dioyak-oyak dening singa akeh.
Wiwitane dimangsa dening ratu ing Asyur,
wekasane saiki balunge diklethak-klethak
dening Nebukadnezar, ratu ing Babil. 18 Mulane
mangkene pangandikane Sang Yehuwah,
Gustining sarwa dumadi, Gusti Allahe Israel:
Lah Ingsun ngukum ratu ing Babil lan nagarane
kayadene anggoningSun ngukum ratu ing
Asyur. 19 Nanging Ingsun bakal ngulihake

Israel menyang ing pangonane, supaya
nyengguta suket ana ing gunung Karmel lan
ing Basan tuwin ana ing pagunungan Efraim
lan Gilead. 20 Ing wektu lan ing mangsa
iku wong bakal nggoleki kaluputane Israel,
nanging ora bisa nemokake, lan uga dosane
Yehuda nanging iya ora ketemu, amarga
Ingsun bakal maringi pangapura marang
kekarene kang Sunparengake lestari urip.
Mangkono pangandikane Sang Yehuwah.

21 Padha ngluruga menyang Merataim,
majua nempuha wong ing Pekod!
Patenana lan tumpesen bangsa iku,
-- mangkono pangandikane Sang Yehuwah --.
Poma tindakna trep kaya kang Sundhawuhake!
22 Gumuruh swaraning perang ing nagara kono,
kang nuwuhake karusakan akeh!
23 Gada kang kanggo saindenging bumi
kok banjur remuk bubuk, ajur mumur mangkono!
Babil kok banjur dadi sangsara nggegirisi mangkono
ana ing antarane para bangsa!
24 He Babil, Ingsun masang kalajiret kanggo sira,
temah sira kejiret, ora sira nyana.
Sira konangan lan pancen kecekel
amarga sira wis nantang Sang Yehuwah.
25 Sang Yehuwah wis mbikak gedhong parawatane

lan ngedalake dedameling bebendune,
amarga ana pakaryan kagem Gusti Allah.
Gustining sarwa dumadi,
ana ing nagarane wong Kasdim.
26 Payo padha nekani saka ing keblat papat,
lumbung-lumbunge wengakna,
isine tumpuken, undhung-undhungen lan rusaken
lan aja nganti ana kekarene sethithik-thithika!
27 Sakehing sapine patenana,
cikben mati kabeh disembeleh!
Cilaka wong-wong iku, amarga wus tumeka ing mangsane,
yaiku wektu anggone padha tampa paukuman.
28 Padha rungokna! Para wong kang keplayu
lan kang bisa oncat saka ing nagara Babil,
padha teka lan ngabari ana ing Sion,
bab piwalese Sang Yehuwah, Gusti Allah kita;
piwales marga saka padalemane kang suci.
29 Klumpukna sakehing bala kang asikep gandhewa,
sakehing bala-panahan, supaya nglawan Babil!
Ngadegna kemah-kemah pangepungan,
supaya aja ana kang bisa oncat!
Walesen satimbang karo panggawene,
trapna marang wong-wong iku kang plek karo kang dilakoni dhewe.

Amarga tumindak murang tata ana ing
ngarsane Sang Yehuwah, Kang
Mahasuci, Gusti Allahe Israel.
30 Mulane para nom-nomane padha ambruk
ana ing alun-alune
lan sakehing prajurite padha bakal
tinumpes ana ing kono, ing dina iku.
-- Mangkono pangandikane Sang Yehuwah.
--
31 He sira kang murang tata,
lah Ingsun bakal nglawan sira,
-- mangkono pangandikane Pangeran
Yehuwah, Gustining sarwa dumadi --
amarga wus tumeka ing wektunira Ingsun
ngukum sira.
32 Si murang tata bakal kesandhung lan tiba
sarta ora ana kang nangekake maneh.
Ingsun bakal nyumed geni ana ing
kutha-kuthane
kang bakal ngobong apa bae kang ana ing
sakubenge.
33 Mangkene pangandikane Sang Yehuwah,
Gustining sarwa dumadi: Wong Israel lan
Yehuda padha bareng tinindhes. Sakehing
wong kang nawan wong-wong iku, tetep
anggone nahan, ora gelem ngluwari tawanane.
34 Nanging Juru-Panebuse iku santosa, asmane
Sang Yehuwah, Gustining sarwa dumadi.
Mesthine Panjenengane mbelani prakarane
umate, supaya padha oleh katentreman
ana ing bumi, nanging ndhatengake pagiris
marang para wong kang manggon ing Babil.
35 Pedhang bakal nempuh bangsa Kasdim,

namani wong ing Babil,
ngenani para panggedhe lan para wong wicaksana,
-- mangkono pangandikane Sang Yehuwah. --
36 Pedhang nempuh marang juru mbebatang,
temah konangan yen bodho!
Pedhang ngenani para prawirane,
temah padha giris.
37 Pedhang ngenani jaran lan karetane perang,
nempuh sakehing bala warna-warna kang ana ing tengahe,
temah padha dadi kaya wong wadon!
Pedhang ngenani raja-branane,
temah dijarah ing wong!
38 Pedhang ngenani sakehing banyune,
temah dadi asat!
Amarga nagara iku kebak reca,
wong-wong mau padha edan marga saka brahalane!
39 Mulane sato kewan pasamuwan lan asu ajag
bakal padha manggon ana ing kono, lan uga
manuk unta bakal nusuh ana ing kono. Nagara
iku ora bakal dienggoni maneh ing wong
sabanjure lan ora bakal didunungi maneh
dening turun-turune.
40 Padha kayadene nalika
Gusti Allah molak-malik tanah Sodom lan
Gomora sarta kutha-kutha ing sacedhake,
mangkono uga ora bakal ana wong kang
manggon ana ing kono maneh lan ora ana
manungsa siji-sijia kang dedunung ana ing
kono maneh. Mangkono pangandikane Sang

Yehuwah. 41 Lah, ana sawijining bangsa kang
teka saka ing lor, bangsa kang gedhe, lan
akeh para ratu kang mangsah perang saka
poncoting bumi. 42 Padha asikep gegaman
panah lan tumbak; padha ambeksiya, ora
kadunungan sih-piwelas. Swarane gumuruh
kaya banyuning sagara, padha nunggang
jaran, asikep gegaman kaya arep nglurug
perang, nempuh marang sira, he, putri ing
Babil! 43 Ratu ing Babil wus krungu warta bab
iku, temah tangane krasa lemes tanpa daya,
krasa sesek, ngrasakake lara kayadene wong
wadon kang lagi nglarani. 44 Lah, kaya singa
kang jumedhul metu saka gegrumbulaning
alas ing bengawan Yarden, kang nekani
ara-ara pangonan pepanthaning wedhus,
iya mangkono anggoningSun ndadekake
wong-wong padha lumayu dadakan saka ing
nagara kono, lan Ingsun nuli netepake wong
liyane kang Sunpiji. Amarga sapa kang kaya
Ingsun? Sapa kang wani ndakwa marang
Ingsun? Apa ana pangon kang tahan ana ing
ngarsaningSun? 45 Mulane padha rungokna
putusan kang wus Suntetepake tumrap Babil
lan rancangan-rancangan kang wus kadamel
tumrap nagarane wong Kasdim: Yaiku kang
ringkih dhewe ing antarane pepanthaning
wedhus bakal diseret. Apadene ara-ara
pangonane dhewe krasa kaget semu gumun
ing ngatase para wong iku. 46 Bumi bakal
horeg marga krungu pawarta: Babil wus
bedhah, tangise bakal keprungu ana ing
antarane para bangsa!”

Paukumane Sang Yehuwah marang Babil

51:1-64

51 1 Mangkene pangandikane Sang Yehuwah:
“Lah, Ingsun ngebahake semangat pangrusak
tumrap Babil lan wong ing tanah Kasdim.
2 Ingsun bakal ngutus juru napeni kang bakal napeni
lan nyaponi nagarane nganti resik,
amarga anggone ngepung ing dinaning
karubedan saka ing keblat papat.
3 Bala pemanah menthanga gandhewane
incerna marang kang nginceng,
lan wong kang aklambi kere!
Aja ngeman marang para nom-nomane,
sakehing wadya-balane tumpesen!
4 Para wong kang padha pinatenan bakal ambruk
ana ing nagarane bangsa Kasdim
lan wong kang tatu abot ana ing lurung-lurunge.
5 Lah Israel lan Yehuda ora ditinggal
dadi randha dening Sang Yehuwah,
Gusti Allahe kang sarwa dumadi,
amarga nagarane wong Kasdim iku wis kebak kaluputan
ana ing ngarsane Kang Mahasuci, Gusti Allahe Israel.
6 Lumayua saka ing tengahe tanah Babil,
saben wong goleka slameting nyawane,

supaya sira aja padha katut katumpes marga
saka kaluputane!
Amarga iki dinaning piwalese Sang Yehuwah;
Panjenengane ngganjar marang para wong
Babil.
7 Maune Babil iku kaya tuwung kencana
ana ing astane Sang Yehuwah,
kang ngendemi wong salumahing bumi.
Para bangsa padha ngombe anggure,
yaiku jalarane padha dadi edan.
8 Dumadakan Babil ambruk lan remuk;
tangisana Babil iku!
Jupukna lenga boreh kanggo nambani
tatune,
bokmanawa bisa waras!
9 Maune aku arep padha nambani Babil,
nanging ora bisa waras.
Tinggalen bae,
payo padha mulih menyang tanahku
dhewe-dhewe!
Sanyata paukumane wus sundhul ing langit,
nganti papak karo mega!
10 Sang Yehuwah wus ndadosake nyata
sakehing kabeneran kita;
payo padha nyritakake pakaryane Sang
Yehuwah,
Gusti Allah kita ana ing Sion!
11 Panahe padha lancipana,
tameng-tameng padha cepakna!
Sang Yehuwah wus nggigah semangate para
ratu
ing Media,

amarga rantamane nglawan Babil iku yaiku
murih sirnane,
iku pamalese Sang Yehuwah, kanggo
malesake padalemane kang suci.
12 Acungna tunggul-tunggule marang
balowartine Babil,
pajagane santosakna!
Para wong jaga padha prenahna,
nganakna cegatan!
Amarga Sang Yehuwah wus ngrantam
lan uga bakal nindakake apa kang wus
kagem ngancam wong kang manggon
ing Babil.
13 He kowe kang padha manggon ana ing
pinggiring
bengawan lan sugih raja-brana,
iki wus tekan ing wekasaning umurmu,
wus tekan ing watesing uripmu!
14 Sang Yehuwah, Gustining sarwa dumadi
wus supaos demi sarirane piyambak:
Sanadyan sira kebak manungsa nganti kaya
walang,
nanging wong bakal padha nguwuh
marang sira
panguwuhing perang.
15 Sang Yehuwah kang nitahake bumi sarana
pangwasane,
kang nalesi jagad klawan kawicaksanane,
lan kang mbeber langit klawan limpading
galihe.
16 Samangsa Panjenengane ngedalake
swantene,
gumrujug saraning banyu ing langit,

Panjenengane nginggahake pedhut lan mega
saka ing poncoting bumi,
lan damel kilat bareng lan udan
sarta ngedalake angin saka ing susuhe.
17 Saben wong iku satemene bodho, ora
duwe kawruh,
lan saben kemasan bakal nandhang wirang
marga reca ukir-ukiran garapane.
Amarga reca cor-corane iku goroh,
ora kadunungan nyawa.
18 Sakabehe iku muspra,
gegaweane mung dadi pepoyokan
lan bakal kalebur ing wektu
tumibaning paukuman.
19 Ora mangkono mungguh Panjenengane
kang dadi pandumane Yakub,
amarga Panjenengane kang nitahake
samubarang kabeh,
lan Israel dadi taler kagungane,
asmane sinebut Sang Yehuwah, Gustining
sarwa dumadi.
20 Sira iku maune dadi gada tumrap Ingsun,
gegamaning perang:
Kalawan sira Ingsun ngremuk para bangsa,
kalawan sira Ingsun nyirnakake
krajan-krajan.
21 Kalawan sira Ingsun ngremuk jaran
dalah kang nunggangi,
kalawan sira Ingsun ngejur kareta perang
dalah kang nunggang.
22 Kalawan sira Ingsun ngremuk wong lanang
lan wong wadon,

kalawan sira Ingsun ngejur wong tuwa lan
wong anom,
kalawan sira Ingsun ngejur jaka lan
prawan,
23 kalawan sira Ingsun ngremuk para pangon
lan
pepanthaning wedhuse,
kalawan sira Ingsun ngremuk petani lan sapi
kang kanggo mluku,
kalawan sira Ingsun ngejur para bupati lan
para panggedhe!
24 Apadene Ingsun bakal paring piwales
marang Babil lan sakehing wong Kasdim
marga saka sakehing pialane, kang
ditandukake marang Sion, kaya kang sira
sipati dhewe. Mangkono pangandikane Sang
Yehuwah.
25 He gunung pangrusak,
lah, Ingsun dadi mungsuhira,
-- mangkono pangandikane Sang
Yehuwah, --
kang nglebur salumahing bumi!
Ingsun bakal ngagagake astaningSun
marang sira,
nggolingake sira saka ing parang-parang
lan ndadekake sira dadi gunung geni kang
wis sirep.
26 Wong ora bakal njupuk watu saka sira
kanggo watu pepojok
utawa tetates,
nanging sira bakal dadi panggonan kang
garing ing salawase.
Mangkono pangandikane Sang Yehuwah.

27 Ngadegna tunggul ana ing bumi,
ngunekna kalasangka ana ing tengahe
para umat,
para bangsa padha samektakna ing perang
nglawan Babil
balane karajan-karajan kumpulna
-- Ararat, Mini lan Askenas --
ngadegna senapati nglawan Babil,
ngajokna jaran-jaran kang kehe kaya
walang!
28 Samektakna para bangsa marang perang,
para ratu ing Media,
karo para bupati lan para panggedhene,
lan sadhengah nagara kang dibawahake.
29 Bumi gonjang-ganjing lan horeg,
amarga rantamane Sang Yehuwah
tumrap Babil lagi katindakake,
yaiku supaya nagara Babil dadi tanah kang
cengkar,
lan ora ana kang ngenggoni.
30 Para prawiraning Babil wus padha leren
anggone perang,
padha thenguk-thenguk ana ing
beteng-beteng,
kuwanene wus ilang,
wis dadi kaya wong wadon.
Omah-omahe wus kaobong,
slaraking gapurane tugel!
31 Playangan kilat lumayu susul-sumusul.
Para juru warta padha susul-sumusul,
padha nyaosi kabar marang ratu ing Babil,
yen kuthane wis padha diejegi saka ing
keblat papat,

32 sabrangane wus padha diejegi,
beteng-beteng kang kanggo nanggulangi wus diobongi,
para prajurit wis padha giris.
33 Sebab mangkene pangandikane Sang Yehuwah, Gustining sarwa dumadi, Gusti Allahe Israel:
Putri ing Babil iku kayadene pamipitan,
ing wektune wong ngiles-iles.
Sadhela engkas bakal wus mangsa panen.
34 Aku dimangsa, dijuwing-juwing dening Sang Prabu Nebukadnezar,
ratu ing Babil,
diselehake kaya mangkok kothong.
Panjenengane nguntal aku kaya naga,
kang wetenge kebak pangananku kang enak-enak,
aku dibuwang.
35 Babil katampeka ing panganiaya lan paniksa kang pancena tumempuh marang aku:
kaya mangkono kudune celathune wong ing Sion,
getihku cikben tumempuh marang wong ing Kasdim,
kaya mangkono kudune ujare Yerusalem.
36 Mulane mangkene pangandikane Sang Yehuwah:
Lah, Ingsun bakal ngembani prakaranira, lan malesake sira:
Ingsun bakal ngasatake sagarane
lan mateni sumbere banyu.
37 Babil bakal dadi tumpukan gempuran,

pandhelikane asu ajag,
panggonan kang marakake ngungun lan
ngeses-ngeses
lan dadi cecampahan,
ora ana kang ngenggoni.
38 Padha bebarengan nggero kaya singa nom,
lan nggereng kaya anak singa.
39 Manawa wus padha krasa sumuk,
Ingsun bakal nyawisi bujana,
bakal Sunendemi supaya mumet,
lan banjur ambruk ing salawas-lawase,
sarta ora bakal bisa tangi maneh.
Mangkono pangandikane Sang Yehuwah.
40 Ingsun bakal ngebrukake wong-wong iku,
kang nuli disembeleh kaya cempe,
sarta kaya wedhus gembel lan wedhus jawa
lanang.
41 Kapriye dene kutha Sesakh,
kang dadi pangalemaning jagad
bisa kabedhah lan diebroki!
Kapriye dene Babil banjur dadi margane
trenyuh mawor gumun ana ing antarane
para bangsa!
42 Sagara wus rob ngelebi tanah Babil,
alun-alune gumuruh ngebyuki.
43 Kutha-kuthane wus dadi tanah ludhes,
tanah mati lan ara-ara samun,
kang ora didunungi manungsa
lan ora diambah ing wong siji-sijia.
44 Ingsun bakal ngukum Bathara Bel ing
Babil,
lan mutahake apa kang wus diuntal.
Bangsa-bangsa ora bakal ndilir maneh,

amarga balowartine Babil uga wus jugrug.
45 He umatingSun, metua saka ing antarane!
Saben wong nylametna nyawane saka
ing bebendune Sang Yehuwah kang
mulad-mulad!
46 Atinira aja kekes lan giris marga saka
pawarta kang keprungu ana ing nagara:
manawa ing taun iki kang sumebar kabar
iki lan ing taun ngarep kabar iku, manawa
kekerasan saya ndadra ana ing nagara sarta
manawa pangwasa kang wengis nglawan
padha wengis. 47 Mulane lah, bakal tumeka ing
titi-mangsane, Ingsun nglebur reca-reca ing
Babil; sawrataning nagarane bakal nandhang
wirang lan sakehing wong kang pinatenan
padha ambruk ana ing satengahe. 48 Dene
langit lan bumi lan sakehe kang padha ana
ing kono bakal rame nyuraki Babil, samangsa
para juru pangrusak teka saka ing lor. --
Mangkono pangandikane Sang Yehuwah.
-- 49 Babil bakal ambruk marga wong kang
padha mati ing antarane Israel padha kaya
wong ing saindenging jagad kang mati dening
Babil. 50 Kowe, wong kang padha oncat saka
ing pedhang, padha lungaa, aja mandheg-
mandheg! Elinga marang Sang Yehuwah
ing tanah kang adoh lan Yerusalem timbula
maneh ana ing atimu! 51 Kawula sami isin,
amargi kula mireng pawartos bab pamada lan
panyamah ingkang ngebeki bumi, dene tiyang
ngamanca sami mlebet ing papan-papan
suci ing padalemanipun Sang Yehuwah.
52 Mulane mangkene pangandikane Sang

Yehuwah: Lah bakal tumeka ing titi-mangsane
Ingsun bakal nglebur reca-recane lan ing
saindenging nagarane wong bakal padha
nggluruh marga tatu sinuduk. [53] Sanadyan
Babil mumbula tekan ing langit lan yasa
beteng-beteng ana ing papan kang dhuwur,
nganti ora kena diparani, atas dhawuhingSun
iku bakal ditekani para juru pangrusak, --
mangkono pangandikane Sang Yehuwah. --
[54] Mara rungokna! Pasambat saka ing Babil
lan karusakan kang banget saka nagarane
bangsa Kasdim! [55] Amarga Pangeran Yehuwah
ngrusak tanah Babil lan nglerenake swarane
kang sora. Sanadyan alun-alune gumuruh
kaya banyu gedhe lan swarane saya rame,
[56] ewasamono para juru pangrusak bakal
nekani tanah Babil, para prawirane bakal
padha dicekeli lan gandhewane bakal padha
remuk, amarga Sang Yehuwah iku Gusti Allah
kang paring piwales; Panjenengane mesthi
bakal nandukake piwales. [57] Ingsun bakal
ngendemi para pangarepe, para wonge kang
wicaksana, para bupatine, para panggedhene
lan para prawirane, temah padha ambruk
keturon ing salawas-lawase, ora bakal tangi
maneh. Mangkono pangandikane Sang Nata,
kang asmane: Sang Yehuwah, Gustining sarwa
dumadi.

[58] Mangkene pangandikane Sang Yehuwah,
Gustining sarwa dumadi:
Balowartine Babil kang kandel
bakal digempur nganti warata karo lemah,

gapura-gapurane kang dhuwur bakal
diobong,
satemah kangelane para bangsa padha
tanpa guna
lan kesel-sayahe para talering bangsa mung
padha
dadi pakaning geni bae.”
59 Piwelinge Nabi Yeremia marang Sang Seraya
bin Neria bin Makhseya, nalika Sang Seraya
ndherek tindake Sang Prabu Zedhekia, ratu
ing Yehuda, menyang ing Babil, nalika ing taun
kang kaping pate jumenenge. -- Sang Seraya
iku ing wektu iku dadi kepala ubarampening
kraton. -- 60 Nabi Yeremia wus nulisi ing kitab
sakehing bilai, kang bakal nempuh Babil yaiku
sakehing pangandika kang tinulisan ana ing
kono tumrap Babil. -- 61 Pangandikane Nabi
Yeremia marang Sang Seraya: “Manawa kowe
tekan ing Babil, mbudidayaa, supaya kowe
bisa macakake sakehing pangandika iki, 62 lan
munjuka: Dhuh Yehuwah, Paduka sampun
ngandika tumrap kitha punika, bilih badhe
Paduka tumpes saisinipun sadaya, ngantos
boten wonten ingkang ngenggeni, inggih
manungsa inggih kewan, lan kitha punika
badhe dados tanah ingkang pejah ing salami-
laminipun! 63 Manawa anggonmu macakake
layang iki wis rampung, nuli bandhulana watu
lan cemplungna ing bengawan Efrat 64 kambi
ngucapa: Kaya mangkene bakal amblese kutha
Babil lan ora bakal timbul maneh, marga saka
sakehing bilai kang Suntempuhake marang
kutha iku.”

Tekan samene pangandikane Nabi Yeremia.

Sang Prabu Zedhekia ratu ing Yehuda

Rusake kraton Yehuda

52:1-30

2Ra 24:18--25:21 2Bb 36:11-21 Ym 39:1-10

52 [1] Sang Prabu Zedhekia yuswa selikur
taun nalika jumeneng ratu, dene
anggone ngasta paprentahan ing Yerusalem
lawase sawelas taun. Kang ibu asmane
Hamutal, putrane putri Sang Yeremia saka ing
Libna. [2] Panjenengane nindakake apa kang ala
ana ing ngarsane Sang Yehuwah plek karo apa
satindake Sang Prabu Yoyakim. [3] Marga saka
bebendune Sang Yehuwah kelakone prakara iki
tumrap Yerusalem lan Yehuda, yaiku, anggone
banjur padha kabucal dening Sang Yehuwah
saka ing ngarsane.

Sang Prabu Zedhekia mbalela nglawan
ratu ing Babil. [4] Mulane nalika ing taun kang
kaping sangane jumenenge, ing sasi kang
kaping sapuluh tanggal kaping sapuluh Sang
Prabu Nebukadnezar ratu ing Babil kanthi
wadya-balane nempuh Yerusalem. Banjur
padha masang kemah ngepung Yerusalem
lan ngadegake tembok pangepungan ana
ing saubenge. [5] Kaya mangkono anggone
kutha iku kinepung nganti tumeka ing taun
kang kaping sawelase jumenenge Sang
Prabu Zedhekia. [6] Ing tanggal sanga sasi
kapat, nalika pailan ing kutha kono wus

banget lan wis ora ana kang dipangan dening
rakyat ing kono, [7] balowartine kutha nuli
dibedhah. Bareng Sang Prabu mirsa prakara
iku banjur lolos sabalane nilar kutha kono
ing wayah bengi, tindak miyos ing gapura
ing sela-selaning balowarti loro, cedhak ing
taman raja, sanadyan bala Kasdim ngepung
Yerusalem temugelang. Anggone padha
lumayu ngener lebak Araba-Yarden. [8] Nanging
bala Kasdim mburu Sang Prabu lan Sang Prabu
Zedhekia kecepeng ana ing lebak Yerikho; para
wadya-balane wus padha pating slebar ninggal
panjenengane. [9] Sang Prabu kabanda lan diirid
sowan menyang ing ngarsane Sang Nata ing
Babil ana ing Ribla ing tanah Hamat; Sang
Nata banjur netepake paukumane. [10] Ratu ing
Babil dhawuh nyembeleh putra-putrane Sang
Prabu Zedhekia ana ing ngarsane, mangkono
uga sakehing para panggedhene Yehuda iya
pada disembelehi ana ing Ribla. [11] Sang Prabu
Zedhekia banjur dicuplaki tingale sarta dibesta
kalawan rante tembaga, wasana digawa
menyang Babil, katutup ana ing pakunjaran,
nganti tumeka ing sedane.

[12] Nalika sasi kalima tanggal kaping sapuluh
-- iku taun kang kaping sangalase jumenenge
Sang Prabu Nebukadnezar, ratu ing Babil --
Sang Nebuzaradan, panggedhene wadya-bala
pengawal, kang ngladeni Sang Nata ing
Babil, rawuh ing Yerusalem. [13] Padalemane
Sang Yehuwah, kadhatone Sang Prabu
lan sakehe omah ing Yerusalem, sakehe
daleme para panggedhe padha diobongi.

[14] Balowarti sakubenge kutha Yerusalem
dijugrugi dening bala Kasdim kang padha
ndherek panggedhening wadya-bala pengawal
mau. [15] Saperangane wong kang ringkih
dhewe, lan kekarene wong kang isih manggon
ana ing kono, tuwin para wong kang malik
tingal mbalik ndherek ratu ing Babil, apadene
kekarene para tukang padha diangkatake
menyang ing pambuwangan dening Sang
Nebuzaradan, panggedhening prajurit
pengawal iku. [16] Mung panunggalane para
wong mlarat ing tanah kono, ana sawatara
kang ditinggal dening Sang Nebuzaradan,
panggedhening wadya-bala pengawal mau,
supaya dadi juru kebon anggur lan among
tani.

[17] Saka-sakane tembaga kang ana ing
padalemane Sang Yehuwah kareta panyangga
lan segaran tembaga kang ana ing padalemane
Sang Yehuwah padha dirusak dening bala
Kasdim tuwin sakehing tembagane diusungi
menyang tanah Babil. [18] Kwali-kwali, sorok-
sorok, lading-lading, bokor-bokor panyiraman
lan piring-piring apadene sakehing piranti
tembaga kang kanggo nindakake pangibadah,
dijupuki kabeh. [19] Uga jembangan-jembangan,
padupan-padupan, bokor-bokor panyiraman,
kwali-kwali, padamaran-padamaran, piring-
piring lan tuwung-tuwung, kang emas lan kang
salaka, kajupukan dening panggedhening
wadya-bala pengawal mau. [20] Dene saka
loro, segaran siji lan sapi tembaga rolas kang
ana ing sangisore kareta panyangga, kang

kayasa dening Sang Prabu Suleman, kanggo
padalemane Sang Yehuwah, iku nganti ora
kena dibobot tembagane sakehing piranti
iku. 21 Dene saka-saka iku, saka siji dhuwure
wolulas asta lan dibuleti lawe kang dawane
rolas asta, kandele patang nyari lan ing
jerone growong. 22 Ing sadhuwure ana krebile
tembaga, kang siji iku dhuwure limang asta,
lan diubengi anam-anaman lan woh-wohan
delima, kabeh tembaga. Lan saka kang
kapindho uga kaya mangkono. 23 Mungguh
wohe delima ana sangang puluh nem woh
delima kang awujud gambar mbrenjul, cacahe
woh-wohan delima iku kabeh ana satus
ngubengi anam-anaman iku.
24 Panggedhening wadya-bala pengawal iku
banjur nyepeng Imam Seraya, pangarepe
tetuwane para imam, lan Imam Zefanya, imam
pangkat loro, lan jaga-gapura telu. 25 Saka
kutha kono kang dicekel sawijining punggawa
kraton kang diangkat dadi panggedhene para
prajurit, lan abdidaleme Sang Prabu pitu kang
ana ing kutha kono, lan panitraning senapati
kang ngumpulake rakyat dadi prajurit,
apadene wong sawidak saka antarane rakyat
ing sajroning kutha kono. 26 Nebuzaradan
panggedhening wadya-bala pengawal mau
dhawuh nyekel para wong iku kang banjur
diladekake marang ngarsane ratu ing Babil,
ana ing Ribla. 27 Raja ing Babil nuli dhawuh
mateni para wong iku ana ing Ribla ing
tanah Hamat. Mangkono anggone wong

Yehuda padha diangkatake menyang ing
pambuwangan saka ing tanahe.
[28] Iki cacahe rakyat kang diangkat menyang
ing pambuwangan dening Sang Nebuzaradan:
nalika ing taun kapitune, telung ewu
telulikur jiwa saka ing Yehuda; [29] nalika taun
kang kaping wolulase jamane Sang Prabu
Nebukadnezar, wolung atus telung puluh loro
jiwa saka ing Yerusalem; [30] nalika ing taun
kang kaping telulikur jamane Sang Prabu
Nebukadnezar, kang diangkatake menyang
ing pambuwangan dening Sang Nebuzaradan,
panggedhening wadya-bala pengawal mau
pitung atus patang puluh lima jiwa saka ing
Yehuda; gunggunge kabeh ana patang ewu
nem atus jiwa.

Sang Prabu Yoyakhin kinasihan

52:31-34

2Ra 25:27-30

[31] Wusana nalika ing taun kang kaping telung
puluh pitu sawuse Sang Prabu Yoyakhin,
ratu ing Yehuda, kabucal, nalika sasi karolas
tanggal selawe ing sasi iku, Sang Prabu
Ewil-Merodakh, ratu ing Babil, ing taun
jumenenge, ngatingalake piwelase marang
Sang Prabu Yoyakhin, ratu ing Yehuda, sarta
banjur ngluwari panjenengane saka ing
pakunjaran. [32] Sang Prabu Ewil-Merodakh
tangkepe grapyak marang panjenengane
sarta maringi kalenggahan kang luwih dhuwur
katimbang karo ratu kang bebarengan karo

panjenengane ana ing Babil.
33 Sang Prabu
Yoyakhin kepareng lukar pengagemane
pakunjaran lan ing salawase sugenge
diparengake ajeg dhahar roti ana ing ngarsane
ratu ing Babil.
34 Lan mungguh panggesangane
ing saben dinane diparingi dening Sang Nata
ing Babil, ing sajege sugenge nganti tumeka
ing sedane.

KIDUNG PANGADHUH

Gempure lan sepine Yerusalem

1:1-22

1 [1] Adhuh lae, kutha iku kok sepi temen,
kang dhek biyen reja banget!
Wus dadi kaya randha
kang maune linuwih ana ing satengahe
para bangsa.
Kang biyen dadi ratune kutha-kutha,
saiki dadi jajahan.
[2] Ing wayah bengi nangis kelara-lara,
pipine adus luh;
ing antarane para kang nresnani,
ora ana siji bae kang aweh panglipur.
Mitrane kabeh wus padha nyidrani,
wus malih dadi satrune.
[3] Yehuda wus ditinggal dening kang padha
ngenggoni,
marga saka sangsara lan saka abote
anggone dikawulakake;
saiki dumunung ing antarane para bangsa,
ewadene ora bisa oleh katentreman;
sapa bae kang nempuh bisa ngejegi
ing mangsa nemahi karubedan.
[4] Dalan-dalan kang anjog ing Sion kebak
prihatin,
marga ora ana kang padha nekani riyaya,
gapurane sepi nyenyet kabeh,

para imame padha ngesah,
para prawane padha sedhih,
dene Sion dhewe pepes atine.
5 Para mungsuhe padha nguwasani,
lan satrune padha seneng-seneng.
Pranyata Sion diganjar kasusahan dening Pangeran Yehuwah,
marga akeh panerake;
anak-anake padha lumaku ana ing ngarepe satrune
kayadene tawanan.
6 Putri ing Sion wus koncatan
kamulyane kabeh,
para pemimpine padha kaya menjangan
kang ora nemu panggonan kanggo nyenggut;
nglentroh anggone lumaku,
ana ing ngarepe kang ngoyak-oyak.
7 Ing dinane kasangsaran lan kasusahan
Yerusalem kelingan
marang sakehing raja-brana
kang dadi duweke dhek biyen;
nalika wonge katelukake dening mungsuh,
lan ora ana kang mitulungi,
para satrune padha nyawang lan padha gumuyu,
marga saka karusakane.
8 Yerusalem banget anggone gawe dosa,
satemah kaanane najis;
kabeh kang biyen padha ngajeni, saiki padha ngremehake,
marga weruh anggone kawudan;
Yerusalem dhewe sambat-sambat

kambi mungkur.
9 Kanajisane kelet ing poncoting jubahe,
wus ora mikir bab bakal wekasane,
anggone tiba kanteb banget,
ora ana wong kang nglipur.
“Dhuh Yehuwah, mugi karsaa mirsani
kasangsaran kawula,
margi pun mengsah ngegungaken
badanipun piyambak.”
10 Si satru gumrageh tangane
marang raja-branane Yerusalem kabeh,
malah Yerusalem ndeleng para bangsa
anggone padha lumebu ing papan
pasucene,
mangka Paduka, dhuh Yehuwah, sampun
ngawisi tiyang-tiyang punika,
boten kenging lumebet ing pasamuwan
Paduka.
11 Wong saisine Yerusalem kabeh padha
sambat-sambat,
padha golek roti;
raja-branane diijolake pangan,
kanggo nyambung uripe.
“Dhuh Yehuwah, mugi karsaa mirsani,
dene samanten kanisthan kawula.
12 Heh kowe kang padha liwat,
apa kowe ora padha mreduli?
Sawangen lan tamatna, apa ana kasusahan
kaya
kang ditandukake dening Pangeran
Yehuwah marang aku,
supaya aku nandhang sedhih banget,
nalika bebendune mulad-mulad?

13 Panjenengane ngintunake geni saka ing
dhuwur,
kang manjing ing balung-balungku;
Panjenengane masang jaring ana ing
ngarepe sikilku,
aku didhesek mundur,
sarta aku digawe kaget,
lan kelaran nganti sadina muput.
14 Sakehing panerakku iku pasangan kang
abot,
sawijining bebuletan, damelaning astane
Pangeran,
kang ditumpangake ana ing guluku,
satemah njalari enteking kakuwatanku.
Pangeran wus ngulungake aku marang ing
tangane para wong kang aku ora
kaconggah nandhingi.
15 Pangeran wus mbucal sakehe para
gegedhugku
kang ana ing wewengkonku.
Pangeran wus damel pista kanggo nglawan
marang aku,
kanggo nyirnakake para wong nonomanku.
Pangeran wus ngidak-ngidak putri Yehuda,
para kenya,
kaya patrape ngiles-iles meres anggur.
16 Marga saka iku aku nangis,
mripatku ngetokake luh carocosan,
awitdene juru panglipur kang bisa
nglejarake atiku wus adoh;
anak-anakku padha bingung,
marga si satru rosa banget."
17 Sion ngegarake tangane,

nanging ora ana wong kang nglipur;
Pangeran Yehuwah wus nglempakake
tangga-tanggane,
supaya padha nglawan marang Yakub.
Yerusalem wus dadi najis,
ana ing satengahe mungsuh-mungsuh
mau.
18 “Pangeran Yehuwah iku kang leres,
awit aku wus mbalela marang
pangandikane;
heh sakehe bangsa, padha rungokna
lan sawangen prihatinku,
para wong nonomanku lanang lan wadon
wus padha lunga dadi tawanan.
19 Aku ngundang para kang daktresnani,
nanging iku padha ngapusi aku,
para imamku lan para tuwa-tuwaku,
wus padha ngajal kabeh ana ing kutha,
nalika padha golek pangan
kanggo nyambung uripe.
20 Dhuh Yehuwah, Paduka mugi karsaa
mirsani, anggen kawula ajrih sanget
punika,
saha anggenipun nyawa kawula
ngolang-ngaling punika,
manah kawula molak-malik wonten ing
nglebet kawula,
awitdene kesangeten anggen kawula
mbalela,
wonten ing jawi anak-anak kawula katumpes
dening pedhang,
wonten ing salebetipun griya dening
sesakit pes.

21 Paduka mugi karsaa midhangetaken,
kadospundi anggen kawula sesambat,
mangka boten wonten ingkang nglipur
kawula,
mengsah-mengsah kawula sami mireng bab
kasangsaran kawula,
lajeng sami bingah, awit Paduka ingkang
ndhatengakaken punika!
Dinten ingkang sampun Paduka undhangaken
punika mugi kadhatengna,
saha mengsah-mengsah wau mugi sami
dadosa kados kawula!
22 Piawonipun sadaya mugi sumengkaa
dhateng ing ngarsa Paduka,
saha tiyang-tiyang wau lajeng
mugi sami Paduka etrapi punapa ingkang
sampun Paduka tandukakaken dhateng
kawula,
margi saking kathahipun duraka kawula;
awit kathah panggresah kawula,
sarta manah kawula nandhang sakit."

Bebendune Gusti Allah marang Sion

2:1-22

2 1 Adhuh lae, putri Sion, banget temen
anggone kinemulan ing mendhung
dening Pangeran ing sajroning bebendune,
kamulyane Israel wus kabuwang
Panjenengane
saka ing langit menyang ing bumi.
Ancik-anciking sampeyane
ora diengeti nalika Panjenengane duka.

2 Pangeran nyirnakake sakehe pategalane Yakub,
ora nganggo pinaringan sih-piwelas.
Panjenengane ing sajroning bramatyane
nggempuri sakehe betenge putri ing Yehuda.
Karajan dalah para panggedhene padha kabanting ing bumi
lan didamel sawiyah-wiyah.
3 Marga saka mulad-mulading bebendune,
sakehe sungune Israel padha dipokahi,
nalika mungsuh wus cedhak
Pangeran ngingkedake astane tengen,
Panjenengane mbesmi Yakub kaya geni kang mulad-mulad
kang mangsa ing sakubenge.
4 Pangeran menthang gandhewane kaya mungsuh,
lan ngacungake astane tengen kaya satru,
mateni sakabehe kang nengsemake pandeleng kang ana ing tarube putri Sion,
bebendune kaesokake kayadene geni.
5 Pangeran wus malih dadi kaya mungsuh,
Israel kalebur,
sakehing kedhatone karemuk,
beteng-betenge padha kadadekake gempuran,
kasusahan lan pasambate putri ing Yehuda
kadadekake akeh.
6 Tarube piyambak karusak kaya kebon,
papan masamuwane kabubrah.

Ana ing Sion Pangeran Yehuwah wus damel laline wong
marang riyaya lan sabat,
raja lan imam wus padha ditampik,
marga saka bramatyane.
7 Pangeran mbucal misbyahe piyambak,
pasucene katilar,
temboking kadhatone padha dipasrahake
marang ing tangane mungsuh;
mungsuh mau padha ngumbar swara ana ing Padalemaning Allah,
memper kaya kramean ing dina riyaya.
8 Pangeran Yehuwah wus damel putusan ndadekakake gempuran
balowartine putri Sion,
kabeh wus diukur srana tali ukuran,
astane ora mingsed saka anggone bakal ngrisak,
balowarti ing jaba lan ing jero
padha kadadekake ngadhuh-adhuh lan ngenes kabeh.
9 Gapurane padha ambles ing bumi,
Pangeran Yehuwah ngrisak lan nugel-nugel slarake;
rajane lan panggedhene padha dumunung ana ing antarane bangsa manca.
Ora ana pitedah saka Sang Yehuwah
dalah para nabine padha ora tampa
wahyu saka Panjenengane.
10 Para tuwa-tuwane putri Sion,
padha nglosod ana ing lemah,
padha nguwur-uwuri awu ing sirahe
lan manganggo bagor.

Para prawan ing Yerusalem,
padha tumungkul konjem ing bumi.
11 Mripatku nganti nggerong dening luh,
remuk bubuk atiku,
atiku ajur mumur,
marga tumpese putrine bangsaku,
dene bocah cilik lan bayi
padha sumaput ana ing ara-araning kutha.
12 Padha takon marang biyunge:
“Endi rotine lan anggure?”,
nalika padha sumaput ana ing alun-alune kutha
kaya wong kang gugur ana ing paprangan,
sarta padha pegat nyawa
ana ing pangkone biyunge.
13 He, putri ing Yerusalem,
aku bisa mratelakakake apa marang kowe,
lan kowe kena dakupamakakake apa?
He, putri kenya ing Sion,
kowe kena dakupamakakake apa, kanggo nglipur kowe,
marga gempuranmu ambane kaya sagara,
sapa kang bisa marasake kowe?
14 Para nabimu padha nyaritakakake marang kowe
wahyu kang cidra lan kothong.
Padha ora mratelakakake kaluputanmu
supaya kowe banjur waras maneh.
Wangsit-wangsit kang goroh lan nasarake
kang dikandhakake marang kowe.
15 Sakehe wong kang liwat,
padha keplok-keplok marga meruhi kowe,
padha ngeses-ngeses lan gedheg-gedheg,

tumrap putri ing Yerusalem,
ujare: “Apa iki kutha kang kaaranan luwih dening endah, dadi kasenengane
wong salumahing bumi kabeh?”
16 Sakehe mungsuhmu padha ngunek-unekake kowe,
padha ngeses-ngeses lan nggeget untu,
ujare: “Iku wus padha daksirnakake!”
“La, yaiki dina kang dakarep-arep,
wus dakalami lan daksipati!”
17 Pangeran Yehuwah wus nindakake apa kang karancang,
wus netepi apa kang dadi pangandikane,
kang diundhangake wiwit dhek jaman biyen,
wus nggempur tanpa pangeman,
mungsuh didadekake seneng ing ngatase kowe,
sungune satru-satrumu wus didhuwurake.
18 Sambat-sambata marang Pangeran kanthi seru,
he, putri ing Sion,
rina-wengi luhmu
milia kaya kali,
awakmu aja kokasokake,
mripatmu aja nganti leren!
19 Tangia, ngadhuh-adhuha ing wayah bengi,
ing wiwitaning giliraning jaga bengi;
isining atimu esokna kaya banyu,
ana ing ngarsaning Pangeran,
tanganmu egarna marang Panjenengane,
amrih uripe anak-anakmu,
kang semaput marga saka luwe,
ana ing pojoke lurung-lurung.

20 Dhuh Yehuwah, Paduka mugi karsaa
mirsani saha niti-priksa,
sinten ingkang Paduka etrapi makaten
punika,
punapa tiyang estri kedah nedha wohing
wetenganipun piyambak,
inggih bayi-bayi ingkang taksih wonten ing
bopongan;
punapa imam tuwin nabi
kedah dipun pejahi wonten ing
pasucenipun Pangeran?
21 Nem-neman lan tiyang sepuh,
sami gilang-gilang wonten ing margi,
prawan-prawan lan jaka-jaka kawula,
sami pejah dening pedhang,
sami Paduka pejahi nalika Paduka bendu,
Paduka pragad tanpa pangowel.
22 Kados-kados ing dinten pahargyan Paduka
nimbali
sadaya ingkang kawula sami ajrihi saking
kiwa-tengen.
Nalika Pangeran Yehuwah bendu,
boten wonten tiyang satunggal kemawon
ingkang saged oncat utawi wilujeng.
Lare-lare ingkang kawula uthun-uthun saha
kawula gula-wenthah,
sami dipun pejahi dening mengsah kawula.

Panglipur sajroning kasangsaran

3:1-66

3 1 Aku iki wong kang ngalami sangsara
marga saka panggebaging dukane
Pangeran.
2 Panjenengane nundhung lan nglampahake
aku
ana ing pepeteng kang ora ana padhange.
3 Lah aku katibanan ing astane marambah-
rambah,
nganti sadina muput.
4 Daging lan kulitku didamel susut,
balungku padha ditugeli.
5 Pangeran ngedegake tembok ngungkuli
aku,
ngupengi aku kalawan kaprihatinan
lan kasusahan.
6 Aku dipapanake ing panggonan kang
peteng,
kaya wong kang wus mati suwe.
7 Aku dipepeti, dalan metu ditutup kabeh
sarta ditaleni nganggo rante kang abot.
8 Sanadyan aku sambat-sambat lan
bengok-bengok nyuwun tulung,
pandongaku ora dipiyarsakake.
9 Dalan-dalanku padha dipepeti nganggo
watu tatahan,
didadekake ora kena diambah.
10 Panjenengane prasasat bruwang kang
ngadhang marang aku,
lan prasasat singa ana ing pandhelikan.

11 Dalan-dalanku dienggokake, aku
disempal-sempal
lan ndadosake aku bingung.
12 Gandhewane wus dipenthang
lan aku kang dadi lesaning jemparinge.
13 Jemparinge kang ana ing endhonge
padha dilepasake kabeh,
padha manjing ing atiku.
14 Aku dadi pepoyokane bangsaku kabeh,
digawe lagu pangece nganti sadina muput.
15 Aku diwaregi kalawan pepait
lan diombeni butrawali.
16 Untuku diremuk, srana aku diparingi
mangan krikil,
lan aku diblesekake ing lebu.
17 Nyawa kawula Paduka pisahaken saking
ing katentreman,
kawula kasupen dhateng kabegjan.
18 Ing kono pangiraku: Misuwurku wus sirna,
lan pangarep-arepku marang Pangeran
Yehuwah wus ilang.
19 “Paduka mugi ngengeti kasangsaran saha
anggen kawula kalunta-lunta,
punapadene wontenipun butrawali lan
wisa.”
20 Nyawa kawula tansah kengetan dhateng
prakawis punika,
saha nglemprek wonten ing lebet kawula.
21 Nanging iki kang dakrasakake,
lan kang njalari aku duwe pangarep-arep:
22 Sih-kamirahane Pangeran Yehuwah iku
tanpa pedhot,
lan sih-kawelasane ora ana enteke.

23 Tansah lumintu, ganti-gumanti saben esuk.
Saestu ageng kasetyan Paduka punika!
24 Osiking atiku: “Pangeran Yehuwah iku dadi pandumanku,
mulane dakarep-arep.”
25 Pangeran iku sae tumrap wong kang padha nganti-anti,
tumrap nyawa kang ngupaya Panjenengane.
26 Becik manawa wong nganti-anti
marang pitulungane Sang Yehuwah kalawan sabar.
27 Becik manawa wong lanang mikul
pasangan nalika nome.
28 Iku lungguha dhewekan lan menenga,
manawa lagi dietrapi dening Pangeran Yehuwah.
29 Ambruka lan nempelna raine ing lebu,
bokmanawa isih ana pangarep-arep.
30 Pipine diulungna marang kang napuk,
dinganti wareg anggone dipoyoki.
31 Awit Pangeran Yehuwah anggone nyebratake
ora ing salawase.
32 Amarga sanadyan Panjenengan maringi kaprihatinan,
iya nuli paring palimirma,
cundhuk karo sih-kadarmane.
33 Awit ora kalawan lila-legawaning galihe
manawa maringi kasusahan lan kaprihatinan
marang para anake manungsa.
34 Manawa ana wong kang ngidak-idak

sakehe wong tawanan ing salumahing
bumi,
35 manawa wewenanging wong dienggokake
ana ing ngarsane Kang Mahaluhur,
36 manawa wong ditanduki kang ora adil
tumrap prakarane,
iku apa ora diuningani dening Pangeran
Yehuwah?
37 Sapa ta kang ngandika lan samubarang
kabeh banjur ana?
Apa dudu Pangeran kang ndhawuhake?
38 Kang ala lan kang becik iku wijile
apa ora saka lesane Kang Mahaluhur?
39 Yagene wong urip padha nggresah?
Saben wong nggresaha marga saka
dosane!
40 Mara, payo padha naliti lan mriksa urip
kita,
sarta padha bali sowan marang Sang
Yehuwah.
41 Mara, payo padha ngulukake ati lan tangan
kita
marang Gusti Allah ing swarga lan munjuk:
42 Kawula sampun nerak lan mbalela,
mangka Paduka boten paring pangapunten.
43 Paduka singeban bebendu,
sarta mbujeng kawula, Paduka pejahi
tanpa piwelas.
44 Paduka singeban mendhung,
satemah pandonga kawula boten saged
nembus.
45 Kawula sami Paduka dadosaken jember lan
nistha

wonten ing satengahipun para bangsa.
46 Sakathahipun mengsah kawula,
sami ngungel-ungelaken kawula.
47 Kawula kataman pagiris sarta kalajiret,
karisakan lan pagempuran.
48 Luh kawula mili kados lepen
awit saking risaking putrinipun bangsa
kawula.
49 Luh kawula tansah crocosan,
tanpa wonten kendelipun;
50 ngantos Pangeran Yehuwah ngudaneni
saking nginggil
saha mirsani saking swarga.
51 Mripat kawula ngantos kraos perih
awit saking kawontenanipun para putri ing
kitha kawula.
52 Kawula dipun uber-uber kados peksi
dening tiyang ingkang sami mengsah
dhateng kawula tanpa sabab.
53 Kawula dipun cemplungaken dhateng
luweng gesang-gesangan,
sarta dipun banggali sela.
54 Toya mbanjiri sirah kawula,
kawula nginten: "Bilai aku saiki."
55 "Dhuh Yehuwah, kawula nyebut asma
Paduka
saking dhasaring luweng ingkang lebet.
56 Paduka miyarsakaken swara kawula.
Paduka sampun ngantos nutupi talingan
Paduka
tumrap pangadhuh saha pasambat kawula.
57 Nalika kawula sesambat dhateng Paduka,
Paduka celak sarta ngandika: Aja wedi."

58 “Dhuh Yehuwah, Paduka sampun mbelani prakawis kawula,
sarta sampun ngluwari gesang kawula.
59 Dhuh Yehuwah, Paduka sampun nguningani
anggen kawula dipun etrapi ingkang boten adil;
Paduka mugi karsaa maringi kaadilan!
60 Paduka sampun nguningani pangigit-igitipun tiyang-tiyang wau
saha sadaya pangrantamipun dhateng kawula.”
61 “Dhuh Yehuwah, Paduka sampun midhangetaken pamemadanipun,
dalah pangrantamipun dhateng kawula;
62 punapadene wicantenipun tiyang-tiyang ingkang sami nglawan dhateng kawula,
sarta malih pangangen-angenipun awon tumrap kawula sadinten muput!
63 Mugi Paduka pirsani ngadeg-linggihipun,
kawula kadadosaken lagu pepoyokanipun.”
64 “Dhuh Yehuwah, Paduka badhe nandukaken piwales dhateng tiyang-tiyang wau,
miturut ing sapandamelipun.
65 Paduka badhe mangkotaken manahipun,
mugi sami kadhawahana laknat Paduka.
66 Dhuh Yehuwah, Paduka badhe mbujeng tiyang-tiyang wau klayan bebendu,
sarta sami badhe Paduka sirnakaken saking sangandhaping langit!”

Kasangsarane Sion kang nggegirisi

4:1-22

4 [1] Adhuh lae, emas iku kok surem temen,
emas murni kok malih;
watu-watu suci iku padha kabuwang
ana ing pojoke saben lurung.
[2] Para anake Sion kang aji,
padha karo kaya emas tuwa,
adhuh, kok dipadhakake karo pengaron lemah
gaweaning tangane kundhi.
[3] Sanadyan asu ajag iya ngulungake susune
nusoni anake,
nanging putrining bangsaku wus dadi mentala,
kaya manuk unta ing sagara wedhi.
[4] Ilate bocah pasuson kraket
ing cethake dening kasatan;
bocah-bocah padha njaluk roti,
nanging ora ana kang ngwenehi.
[5] Wong kang kulina mangan kang sarwa enak,
padha kaluwen ana ing lelurung,
kang kulina linggih ing bantal gluga,
padha nglemprak ana ing pawuhan.
[6] Durakaning putrine bangsaku
ngungkuli dosane Sodom,
kang diwalik sajroning sakedhep netra,
tanpa katiban ing tangan.
[7] Para pemimpine resike ngungkuli salju,
lan luwih putih tinimbang susu,

abanging awake ngungkuli merjan,
pasemone memper watu manila;
8 nanging saiki rupane ireng ngungkuli angus,
kang ana ing lurung-lurung padha pangling,
kulite kelet karo balung-balunge,
garing kaya kayu.
9 Luwih begja kang kapupu ing pedhang,
tinimbang kang mati kaluwen,
kang ngenes lan mati
marga tegale ora ana pametune.
10 Tangane wong wadon kang welasan
wus padha ngolah anak-anake,
kanggo pangane
nalika putrining bangsaku rusak.
11 Pangeran Yehuwah wus ngebyukake sakehe bramatyane,
ngesokake bebendune kang mulad-mulad,
sarta wus nyumed geni ana ing Sion
kang mangsa dhasar-dhasare.
12 Para raja ing sajagad
lan sarupane wong isine donya padha ora pracaya
yen mungsuh lan satru bisa lumebu
ing gapurane Yerusalem.
13 Iku kelakon mangkono marga saka dosane para nabine
lan pialane para imame,
kang padha ngwutahake getihe wong kang ora luput,
kang ana ing satengahe.
14 Padha nuk-nukan kaya wong tuna-netra
ana ing lurung-lurung,

najis dening getih, nganti wong ora bisa
nggepok marang sandhangane.
15 Paha dielokake: “Sumingkir, najis.
Sumingkir, sumingkir, aja nggepok!”,
nuli padha lunga lan nglambrang; para
bangsa banjur padha ngucap:
“Iku padha ora kena manggon ana ing
kene maneh!”
16 Pangeran Yehuwah piyambak mbuyarake
wong-wong mau,
bakal ora diudaneni maneh.
Para imam padha ora diajeni
dalah para wong tuwa iya ora diwelasi.
17 Mripatku tansah ngarep-arep pitulungan,
nanging tanpa guna;
saka menara pajagan olehku ngarep-arep
marang bangsa kang ora bisa mitulungi.
18 Wong-wong mau padha ndingkik lakuku,
nganti aku padha ora bisa metu ing
alun-alunku;
wus ndungkap ajalku, wus puput uripku,
aku wus padha tekan ing wekasaning
uripku.
19 Kang padha ngoyak-oyak aku
rikate ngungkuli manuk garudha ing
awang-awang,
aku padha diburu ana ing gunung-gunung,
lan dicegat ana ing pasamunan.
20 Wong kang jinebadan dening Pangeran
Yehuwah, napasing uripku kabeh
kacemplung ing luwenganing wong-wong
mau,
wong kang dakkira: “Ana ing pangaubane

aku bakal padha urip ana ing tengahe para
bangsa.”
21 Heh, putri ing Edom,
kang manggon ing tanah Us,
bungaha lan giyak-giyaka,
tuwunge uga bakal tumeka ing kowe,
kowe bakal mendem nganti kawudan.
22 He, putri ing Sion, kaluputanmu wus ilang,
Pangeran Yehuwah ara bakal marengake
kowe dibuwang maneh,
nanging kaluputanmu, he putri ing Edom,
bakal diwales
lan dosa-dosamu bakal digelar.

Pandonga murih kabangun maneh

5:1-22

5 1 Dhuh Yehuwah, Paduka mugi ngengeti
punapa ingkang sampun sami kawula
alami,
mugi Paduka karsaa mirsani
saha ngudaneni dhateng kawontenan
kawula ingkang asor punika.
2 Tanah pusaka kawula sampun dhumawah
dhateng bangsa sanes,
griya-griya kawula dhateng tiyang
ngamanca.
3 Kawula sami dados lare lola, boten gadhah
bapa,
biyung kawula sami kados randha.
4 Anggen kawula ngombe toya srana tumbas,
sarta anggen kawula ngangge kajeng
mawi mbayar.

5 Kawula sami dipun bujeng-bujeng wonten ing celakan,
sami sayah nanging boten angsal ngaso.
6 Kawula sampun sami ngathungaken tangan dhateng tiyang Mesir,
saha dhateng tiyang Asyur, supados sageda nedha tuwuk.
7 Para leluhur kawula ingkang sami damel dosa
sampun boten wonten,
kawula ingkang katempah ing durakanipun.
8 Rencang tumbasan sami mrentah kawula,
boten wonten ingkang ngluwari kawula saking tanganipun.
9 Anggen kawula pados tedha klayan toh pejah
margi saking wontenipun pedhang ing pasamunan.
10 Kulit kawula mengangah kados prapen,
margi saking sangeting kaluwen.
11 Para tiyang estri ing Sion sami dipun roda-peksa,
makaten ugi prawan-prawan ing kitha-kithanipun Yehuda.
12 Para pemimpin sami kagantung dening tanganipun mengsah,
para sesepuh boten dipun urmati.
13 Tiyang nem-neman sami dipun kedahaken mikul gilingan,
lare-lare sami ambruk margi kawraten anggenipun ngrembat kajeng.

14 Para sepuh sami boten keklempakan malih
wonten ing gapuraning kitha,
para nem-neman kendel anggenipun
nylempung.
15 Kabingahaning manah kawula sampun ical,
beksan kawula sami malih dados
kasisahan.
16 Makutha sampun dhawuh saking sirah
kawula, adhuh memelas;
amargi kawula sampun sami damel dosa.
17 Inggih margi saking makaten punika
manah kawula sakit,
inggih margi saking makaten punika
mripat kawula lajeng dados bliwur.
18 Awit saking redi Sion ingkang sampun
ludhes,
segawon-segawon wana sami pating
kluyur wonten ngriku.
19 Dhuh Yehuwah, Paduka punika jumeneng
langgeng,
dhampar Paduka boten ewah gingsir ing
salami-laminipun.
20 Kenging punapa dene Paduka ngantos
boten enget
dhateng kawula sadaya ing salaminipun,
punapaa dene kawula Paduka tegakaken
ngantos lami?
21 Dhuh Yehuwah, kawula mugi sami Paduka
wangsulaken dhateng Paduka,
temahan sami badhe mratobat,
kawontenan kawula mugi Paduka pulihaken
malih
kados kala rumiyin.

22 Utawi punapa Paduka badhe nampik
dhateng kawula sadaya babar-pisan?
Punapa Paduka duka sanget dhateng
kawula?

YEHESKIEL

BAB 1--24 PAMECA-PAMECA NGLAWAN ISRAEL

Nabi Yeheskiel mirsani kamulyane Sang Yehuwah

1:1-28

1 [1] Ing taun kang kaping telung puluh,
tanggal kaping lima sasi papat, nalika aku
ana ing pinggir kali Kebar bebarengan karo
para wong buwangan, nuli langit piyak lan aku
sumurup wahyu saka ing Allah. [2] Ing tanggal
kaping lima sasi iku, yaiku ing taun kalimane
sawuse Sang Prabu Yoyakhin kakendhangake,
[3] ana pangandikane Pangeran Yehuwah tumuju
marang Imam Yeheskiel, putrane Sang Busi,
ana ing nagarane wong Kasdim ing pinggir
kali Kebar, sarta ana ing kono panjenengane
kalimputan ing pangwaose Sang Yehuwah.
[4] Aku banjur ndeleng, lah ana prahara saka
ing lor, kang nggawa mendhung kandel
lan geni mulad-mulad; mendhung mau
kinubengan ing pepadhang kang sumorot;
ing jerone kaprenah ing satengahing geni
iku ana kang kaya swasa mencorong. [5] Ing
tengah-tengahe kono uga ana kang rupane
kaya makhluk papat kang urip, lan iku katone
mangkene: rupane kaya manungsa, [6] nanging

siji-sijine raine papat lan ana swiwine papat.
[7] Sikile lenceng-lenceng, sarta tlapakane
kaya tracak pedhet, mencorong kaya swasa
kang mentas kagebeg. [8] Ing sangisoring
swiwi ana tangan manungsa kaprenah ing
sisih papate pisan. Dene rai lan swiwine mau
mangkene: [9] swiwine padha gathuk; manawa
lumaku ora nganggo mingar-minger, nanging
ing sapenering adhepe. [10] Raine katone
mangkene: Kapat pisan raine kang ngarep
rai manungsa, kang sisih tengen rai singa,
kang sisih kiwa rai sapi, kang ana ing buri rai
manuk garudha. [11] Swiwine padha kaegarake
mandhuwur, sarta adu pucuk ngloro-ngloro,
dene swiwi liyane nutupi awake. [12] Kabeh
lakune ing sapenere adhepe, menyang ngendi
panuntuning roh, iya mrono parane; anggone
lumaku ora nganggo mingar-minger. [13] Ing
satengahing makhluk-makhluk mau ana
kang katon kaya mawa geni mengangah,
kayadene obor kang obah mrana-mrene ana
ing antarane makhluk-makhluk kang urip iku;
geni mau mubyar sarta metu kilate kang
padha sesamberan. [14] Makhluk-makhluk kang
urip iku padha mabur mrana-mrene kaya
thathit.
[15] Aku ndeleng, lah ing bumi ana rodha
ngadeg sandhing makhluk-makhluk papat
mau ing iringane ana rodhane siji, [16] rupane
mencorong kaya sesotya pirus, kapate
kembar lan katone ing tengahing rodha kaya
ana rodhane. [17] Manawa padha lumaku,
bisa ngener menyang ing keblat papat, ora

nganggo mingar-minger. [18] Rodha-rodha
mau ana wengkune lan aku ndeleng wengku
kapat pisan iku padha kebak mata mubeng.
[19] Manawa makhluk kang urip iku padha
lumaku, rodhane uga lumaku ing sandhinge;
lan manawa makhluk kang urip iku padha
kaumbulake saka ing bumi, rodhane iya
padha katut kaumbulake. [20] Menyang ngendi
panuntuning roh, iya mrono paraning para
makhluk mau tuwin rodha-rodhane padha
kaangkat bebarengan karo makhluk-makhluk
iku, amarga rohing makhluk-makhluk
kang urip iku dumunung ana ing rodhane.
[21] Manawa makhluk kang urip iku padha
lumaku, rodhane uga padha lumaku, manawa
makhluk mau padha mandheg, rodhane iya
padha mandheg, sarta manawa makhluk mau
padha kaumbulake saka ing bumi, rodhane
iya padha katut kaangkat bebarengan karo
makhluk-makhluk iku, amarga rohing para
makhluk iku dumunung ana ing rodhane.
[22] Ing sadhuwure sirahe makhluk-makhluk
kang urip iku ana rerupan kang saemper langit,
kang katon kaya kristal es kang nggegirisi,
kagelar ing sadhuwure sirahe. [23] Lan ana
ing sangisoring langit iku swiwine kabeber
jejeg, kang siji gathuk karo sijine, kabeh
padha duwe swiwi loro kang nutupi awake.
[24] Manawa padha lumaku, aku krungu swara
kumebeting swiwine kumrasak, kayadene
swaraning grojogan, kaya swarane Kang
Mahakwasa, gumuruh kaya swarane wadya
bala akeh; manawa padha mandheg, swiwine

diingkupake. [25] Aku banjur krungu swara saka
ing sadhuwure langit kang mayungi sirahe;
manawa makhluk mau padha mandheg,
swiwine diingkupake. [26] Ing sadhuwuring
langit kang mayungi para makhluk mau ana
rerupan kang katon kaya dhampar, memper
karo sesotya manila; lan ing sadhuwure
kang rupane kaya dhampar iku ana kang
katone kaya manungsa. [27] Wiwit kang kaya
bangkekan iku nganti tekan ing dhuwur, aku
ndeleng kang mencorong kaya swasa lan kaya
geni kang ing sakubenge katutupan; lan saka
kang kaya bangkekan tumeka ing ngisor aku
ndeleng kang kaya geni kang kinubengan
ing sunar. [28] Kayadene kluwung kang ing
mangsa udan katon ana ing mendhung,
iya kaya mangkono iku katone sunar kang
ngubengi. Kaya mangkono katone gambaring
kamulyane Pangeran Yehuwah. Bareng aku
ndeleng iku aku banjur nyembah sujud, sarta
krungu swaraning Panjenengane kang medhar
pangandika.

Imam Yeheskiel katimbalan dadi nabi

2:1--3:15

2 [1] Pangandikane marang aku mangkene:
“He, anaking manungsa, sira tangia lan
ngadega, nuli sira Sunpangandikani.” [2] Bareng
aku wus dipangandikani mangkono, aku
banjur kadunungan roh kang ngadegake aku,
sarta aku krungu kang mangandikani aku.

3 Pangandikane marang aku mangkene: “He,
anaking manungsa, sira Sunutus nemoni
wong Israel, bangsa kang ambek mbalela,
kang wus mbalela marang Ingsun. Bangsa iki
dalah para leluhure wus padha gawe duraka
marang Ingsun nganti tumeka ing dina iki
uga. 4 Anadene turune padha mbangkang
lan wangkot atine; sira Sunutus nemoni
bangsa iku, padha kandhanana: Mangkene
pangandikane Pangeran Yehuwah. 5 Dene iku
padha ngrungokake apa ora -- amarga iku
jinis kang ambek mbalela -- nanging bakal
padha sumurup, manawa ing satengahe
bangsa iku ana nabine. 6 Lan sira, anaking
manungsa, aja wedi marang wong-wong iku
tuwin marang tembung-tembunge, sanadyan
sira kinepung ing lateng lan eri, sarta
pamanggonira ana ing tengahe kalajengking.
Aja wedi marang tembung-tembunge lan aja
ndhredheg ana ing ngarepe, amarga iku jinis
kang ambek mbalela. 7 Padha sira dhawuhana
sapangandikaningSun, sanadyan dirungokake
utawa ora, amarga padha ambek mbalela.
8 Dene sira, anaking manungsa, apa
sapangandikaningSun marang sira iku
rungokna, lan sira aja mbalela kaya jinis kang
ambek mbalela iku. Sira mangapa, panganen
apa kang Sunparingake marang sira.” 9 Aku
mulat, lah ana asta kang kaulungake marang
aku lan asta mau nyepeng layang gulungan,
10 kang banjur dibeber ana ing ngarepku. Ing
kono katon ing jaba lan ing jerone katulisan
kidung pangadhuh, pangesah lan pasambat.

3 [1] Aku tumuli dipangandikani: “He, anaking
manungsa, panganen apa kang sira temu
iki; gulungan kitab iki panganen banjur
lungaa, turune Israel sira kandhanana.” [2] Aku
tumuli mangap sarta diparingi gulungan mau
kakarsakake mangan. [3] Dhawuhe marang aku
mangkene: “He, anaking manungsa, gulungan
kang Sunparingake marang sira iki panganen,
wetengira isenana iku.” Iku banjur dakpangan,
ana ing cangkemku rasane legi kaya madu.

[4] Pangandikane marang aku: “He, anaking
manungsa, lungaa, turune Israel temonana
lan dhawuhana pangandikaningSun. [5] Dene
anggonira kautus iku ora marani bangsa
kang basane ora mangretekake lan alot ilate,
nanging marani bangsa Israel; [6] dudu bangsa
akeh kang basane nyleneh lan kang alot ilate,
kang tembung-tembunge sira ora mangreti.
Saupama sira Sunutus nemoni bangsa
kang mangkono, iku bakal ngrungokake sira.
[7] Nanging turune Israel ora gelem ngrungokake
sira, amarga ora gelem ngrungokake Ingsun,
awit kabeh turune Israel iku bathuke atos lan
atine wangkot. [8] Lah rainira Sundadekake atos
kaya raine wong-wong iku sarta semangatira
Sundadekake kuwat nglawan wangkoting
atine. [9] Atinira Sunteguhake kayadene inten,
kang atose ngungkuli watu; sira aja wedi
marang wong-wong iku lan aja gumeter
ndeleng raine, awit iku jinis kang awatek
mbalela.” [10] Sabanjure pangandikane marang
aku mangkene: “He, anaking manungsa,
nggatekna lan nilingna kupingira marang

sakehing pangandikaningSun marang sira.
11 Lungaa nemonana para wong buwangan,
para kanca kang tunggal bangsa kalawan sira,
rembugana lan kandhaa marang wong-wong
iku mangkene: Mangkene pangandikane
Pangeran Yehuwah; sanadyan padha gelem
ngrungokake apa ora.”
12 Aku banjur kaangkat dening Sang Roh,
sarta aku krungu swara gumuruh sora ana
ing buriku, ing nalikane kamulyaning Allah
mumbul saka ing panggenane, 13 yaiku
swaraning swiwine para makhluk kang urip
kang padha gesrek-gesrekan lan kajaba iku
swaraning rodha-rodha kang gumledheg,
swara gumuruh kang sora. 14 Sang Roh
mau njunjung aku, kasingkirake; aku nuli
lunga kalawan ati panas lan prihatin banget,
amarga pangwaosing Pangeran Yehuwah
banget-banget anggone meksa marang aku.
15 Aku banjur marani para wong buwangan
kang padha manggon ing pinggir kali Kebar
ing Tel-Abib sarta nganti pitung dina anggonku
ana ing kono kalawan legag-legeg.

Nabi Yeheskiel katimbalan dadi panjaganing Israel

3:16-21

16 Sawise pitung dina ana pangandikane
Sang Yehuwah marang aku mangkene: 17 “He,
anaking manungsa, sira wus Suntetepake
dadi panjaganing turune Israel. Manawa sira
krungu pangandikaningSun, wong-wong iku

padha sira elingna awit saka asmaningSun.
[18] Manawa Ingsun ngandika marang wong
duraka: Sira mesthi bakal kaukum pati! --
mangka sira ora ngelingake wong iku lan ora
kandha apa-apa marang wong duraka iku
kanggo ngelingake supaya mbuwanga lakune
kang ala, amrih bisane lestari urip -- wong iku
bakal mati marga saka dosane, nanging getihe
bakal Suntempuhake marang sira. [19] Nanging
manawa sira ngelingake wong duraka iku,
mangka wong mau ora gelem ngunduri
pialane lan lakune kang duraka, iku bakal mati
marga saka durakane, dene sira wus ngluwari
nyawanira. [20] Manawa ana wong kang mursid
ninggal kamursidane lan nglakoni piala, lan
Ingsun banjur nyelehake watu sandhungan
ana ing ngarepe, wong iku bakal mati. Sarehne
sira ora ngelingake wong mau, iku bakal mati
marga saka dosane, dene panggawene becik
kang wus dilakoni ora bakal kaetung, nanging
getihe bakal Suntempuhake marang sira.
[21] Nanging manawa sira ngelingake marang
wong mursid iku supaya aja nglakoni dosa,
lan iya ora nganti gawe dosa, iku bakal lestari
urip, amarga gelem nampani pepeling, dene
sira wus nguwalake nyawanira.”

Nabi Yeheskiel dadi bisu

3:22-27

[22] Bareng ana ing kono pangwaosing Yehuwah
nglimputi aku sarta aku banjur kadhawuhan
mangkene: “Sira ngadega lan mangkata

menyang ing lebak, ana ing kono sira bakal
Sunpangandikani.” [23] Aku banjur ngadeg lan
mangkat menyang ing lebak, lah ana ing
kono kamulyane Sang Yehuwah katon kaya
kamulyan kang wus dakdeleng ana ing pinggir
kali Kebar; aku tumuli sujud. [24] Nanging aku
banjur kapanjingan ing roh; aku diadegake.
Panjenengane nuli ngandika marang aku
mangkene: “Sira muliha, lumebua ing omahira
sarta kancingen lawange. [25] Lah sira, he
anaking manungsa, bakal katlikung kalawan
tali lan bakal kabanda, satemah sira ora bisa
nekani ana ing satengahe wong-wong mau,
[26] apadene ilatira bakal Sundadekake kraket
ing cethakira, satemah sira dadi bisu lan ora
bakal bisa melehake wong-wong iku, awit iku
jinis kang awatek mbalela. [27] Nanging manawa
Ingsun ngandikan kalawan sira, cangkemira
bakal Sunbikak lan sira bakal ngandhani
wong-wong mau mangkene: Mangkene iki
pangandikane Pangeran Yehuwah. Sing sapa
gelem ngrungokake, cikben ngrungokake;
lan sing sapa emoh ngrungokake, cikben ora
ngrungokake, amarga wong-wong iku jinis
kang awatek mbalela.”

Gegambaran bab anggone kutha Yerusalem bakal kakepung

4:1--5:17

4 [1] “He, anaking manungsa, sira njupuka
bata, selehna ana ing ngarepira, lan
nggambara kutha ana ing dhuwure, yaiku

Yerusalem. 2 Kutha iku enthanen lagi
kakepung: dokokana beteng pangepungan,
gawea undhug-undhugan lemah kang
dadi tangguling pangepungan, dokokana
tarub panginepaning wadya-bala sarta ing
sakubenging kutha iku pasangana totog. 3 Nuli
sira njupuka wesi wajan blebekan, iku degna
ana ing antaranira lan kutha mau minangka
pager wesi, sawuse mangkono sira marepa
mrono, dadine kutha iku kakepung lan sira
kepung. Iki dadi pratandha tumrap turune
Israel.
4 Sira banjur turona miring ngiwa, sira
nanggunga paukumane turuning Israel.
Pirang dina anggonira turon mangkono
iku, iya samono lawase anggonira nyangga
paukumane. 5 Mangkene anggoningSun
netepake tumrap sira: Pirang taun anggone
turune Israel kaukum, iya iku cacahing dina
anggonira nanggung paukumane, yaiku telung
atus sangang puluh dina. 6 Manawa iku wus
sira tindakake, banjur turona miring maneh,
nanging miring manengen lan sira nyanggaa
paukumane Yehuda lawase patang puluh dina;
Ingsun netepake tumrap sira sadina kanggo
sataun. 7 Sira mandenga marang Yerusalem
kang kakepung iku lan ethungana antem sarta
medhara wangsit nglawan kutha iku. 8 Lah sira
bakal Suntaleni, satemah anggonira turon ora
bisa alihan nganti sira wus ngganepi dinaning
pangepunganira iku.
9 Sabanjure sira njupuka gandum sair,
kedhele, kacang, jewawut lan kusemet, iku

dadekna siji ana ing wadhah, nuli olahen
dadekna roti. Iku minangka panganira
ing sajrone sira turon miring iku, yaiku
telung atus sangang puluh dina. 10 Lan
panganira iku kehe bakal katemtokake
sarana katimbang: sadinane rong puluh
sekel; iku sira pangana ing wektu-wektu
kang wus katemtokake. 11 Banyu kang sira
ombe uga bakal katemtokake: sapranem
hin; iku sira ombea ing wektu-wektu kang
wus katemtokake. 12 Roti iku sira pangana
kayadene roti sair bunder tuwin kudu sira
bakar ing geni sesukering manungsa ana ing
ngarepe wong-wong mau.”

13 Pangeran Yehuwah nuli ngandika maneh:
“Wong Israel bakal Sunbuwang menyang
ing satengahing bangsa-bangsa lan kalawan
mangkono bakal mangan rotine ana ing
kana kalawan najis.” 14 Aku banjur munjuk:
“Dhuh Pangeran Yehuwah, saestu kawula
dereng nate kanajisaken, lan wiwit enem
ngantos dumugi sapunika dereng nate nedha
bebathang utawi sisaning memangsanipun
kewan galak, punapa malih cangkem kawula
dereng nate klebetan daging bosok.” 15 Aku
tumuli dipangandikani mangkene: “Lah
yen mangkono sira Sunparengake nganggo
sesuker sapi minangka gantine sesuker
manungsa, sarta rotinira kabakara ana ing
kono.” 16 Sawuse mangkono aku banjur
dipangandikani mangkene: “He, anaking
manungsa, lah Ingsun bakal nyirnakake
simpenane pangan ing Yerusalem -- lan

wong-wong mau kalawan prihatin anggone
mangan roti kang bobote wus katemtokake;
mangkono uga anggone bakal ngombe
banyu kang wus katemtokake takerane, iya
kalawan susah banget -- 17 iku supaya padha
kakurangan pangan lan ngombe, satemah
padha ngenes tuwin padha gering ana ing
sajroning paukumane.
5 1 He, anaking manungsa, sira njupuka
pedhang kang landhep, anggonen
kayadene ladinge panyukuran tukang cukur;
rambuting sirahira lan jenggotira cukuren; nuli
njupuka timbangan, rambutira bage-bagenen.
2 Sapratelon kudu sira obong ing geni ana ing
satengahing kutha iku, samangsa wus ganep
wektu pangepunge; sapratelon jupuken lan
sabeten kalawan pedhang ana ing sakubenge
lan sapratelon sira awut-awuta ing angin,
dene Ingsun bakal ngunus pedhang kagawe
mbujeng. 3 Sira njupuka rambut iku sathithik
sira bundhelana ing poncoting jubahira.
4 Nuli sira njupuka maneh sawatara, sira
cemplungna ing geni, cikben kobong; iku
bakal metu genine kang mangsa turune
Israel kabeh. Sira banjur ngucapa mangkene:
5 Mangkene pangandikane Pangeran
Yehuwah: Yaiki Yerusalem! Iki Sunpapanake
ana ing satengahing bangsa-bangsa lan
kaubengan ing nagara-nagarane. 6 Iku wus
mbalela marang pranatan-pranataningSun,
ngluwihi alane para bangsa, tuwin marang
katetepaningSun ngluwihi nagara-nagara
ing sakubenge, amarga padha nampik

pranataningSun sarta kalakuane ora cocog
kalawan katetepaningSun. 7 Awit saka
iku mangkene pangandikane Pangeran
Yehuwah: Ing sarehne alanira ngluwihi para
bangsa ing sakubengira tuwin kalakuanira
ora cocog kalawan katetepaningSun sarta
ora nindakake pranatan-pranataningSun,
malah sira netepi pranatan-pranantaning
bangsa-bangsa ing sakubengira, 8 mulane
mangkene pangandikane Pangeran Yehuwah:
Lah, Ingsun, iya Ingsun piyambak kang bakal
nglawan sira lan Ingsun bakal ndhawahake
paukuman marang sira ana ing ngarepe para
bangsa. 9 Marga saka panggawenira kang
jember iku, Ingsun bakal nandukake marang
sira apa kang durung tau Suntindakake
lan kang ora bakal Suntindakake maneh.
10 Mulane bakal kelakon bapa padha mangan
anake dhewe ana ing tengahira, lan uga anak
padha mangan bapakne dhewe, sarta Ingsun
bakal nandukake paukuman marang sira
ana ing satengahira, sarta kabeh kekarenira
bakal Sunsebar-sebarake ing sakehing keblat
kabeh. 11 Awit saka iku dhemi Ingsun gesang,
mangkono pangandikane Pangeran Yehuwah,
marga saka anggonira najisake pasuceningSun
kalawan sakehing dewanira kang nistha lan
kalawan sakehing durakanira, lah Ingsun
piyambak bakal ngrubuhake sira; Ingsun
ora bakal ngeman lan ora bakal nandukake
kawelasan. 12 Panunggalanira sapratelon
bakal mati dening pageblug lan mati kaliren
ana ing tengahira; sapratelon bakal tiwas

dening pedhang ana ing sakubengira;
lan sapratelon bakal Sunsebar-sebarake
ing sakehing keblat sarta bakal Ingsun
bujeng kalawan pedhang ligan. [13] Kaya
mangkono anggoningSun bakal ngatogake
bebenduningSun marang wong-wong mau,
satemah bentering panggalihingSun banjur
lilih sarta Ingsun wus rumaos marem. Ing
kono wong-wong iku bakal padha sumurup,
yen Ingsun iki Yehuwah kang mangandikakake
iku ing sajroning butajenganingSun, nalika
Ingsun ngesokake bebenduningSun mau.
[14] Sira bakal Sundadekake jugrugan lan
cacadan ana ing satengahing para bangsa ing
sakubengira ana ing ngarepe sakehing wong
kang padha liwat. [15] Sira bakal dadi cacadan
lan cecampahan, minangka pepenget lan
dadi bab kang ngeram-eramake tumrap para
bangsa ing sakubengira, yaiku ing samangsa
Ingsun nibakake paukuman marang sira ing
sajroning bendu lan duka sarta ing sajroning
pangrangketingSun kang nggegirisi -- Ingsun,
Pangeran Yehuwah kang mangandikakake --
[16] ing nalika Ingsun ndhatengake paceklik
kang nggegirisi, kang neniwasi sarta kang
Sundhatengake kanggo numpes sira kabeh,
nalika Ingsun mbangetake paceklik tumrap
sira kabeh lan nyirnakake pasadhiyanira
pangan. [17] Ingsun bakal ndhatengake paceklik
marang sira kabeh lan kewan-kewan galak
ing satengahira, kang bakal ngentekake
anak-anakira; pageblug bakal nekani sira
lan bakal ana getih kang mili ana ing

tengahira sarta Ingsun bakal ndhatengake
pedhang marang sira, Ingsun, Yehuwah kang
mangandikakake iku kabeh."

Pameca nglawan gunung-gunung Israel

6:1-14

6 [1] Sawuse iku ana pangandikane Pangeran
Yehuwah marang aku mangkene: [2] "He,
anaking manungsa, marepa marang ing
gunung-gununge Israel lan nglairna pameca
nglawan gunung-gunung iku! [3] Munia:
He gunung-gununge Israel, ngrungokna
pangandikane Sang Yehuwah Allah! Mangkene
pangandikane Pangeran Yehuwah marang
gunung-gunung lan tengger-tengger,
marang jurang-jurang lan lebak-lebak:
Lah Ingsun bakal ndhatengake perang
marang sira sarta Ingsun bakal ngrusak
tengger-tengger panggonanira saos kurban.
[4] Misbyah-misbyahira bakal dadi sepi
mamring lan padupan-padupanira bakal
karusak; tuwin Ingsun bakal ngebrukake
para wongira kang padha pinatenan ana
ing ngarepe brahala-brahalanira. [5] Mayit-
mayite wong Israel bakal Sununcalake
marang ing ngarepe para brahalane tuwin
balung-balungira menyang ing sakubenging
misbyah-misbyahira. [6] Ana ing ngendi bae
pamanggonira, kutha-kuthanira bakal dadi
jugrugan lan tengger-tengger panggonanira
saos kurban bakal dadi sepi mamring, supaya
misbyah-misbyahira karemuk lan tininggal sepi

mamring, brahala-brahalanira diejur-ejur lan
disirnakake, padupan-padupanira dilebur sarta
gegaweaning tanganira padha kamusnakake.
[7] Wong-wongira kang pinatenan padha pating
glimpang ana ing tengahira sarta sira bakal
sumurup manawa Ingsun iki Yehuwah.
[8] Nanging saperangan, yaiku kang oncat
saka pedhang, iku bakal Sunlestarekake
urip ana ing satengahing para bangsa,
samangsa sira padha kasebar-sebar menyang
ing nagara-nagara iku. [9] Ana ing tengahing
para bangsa, para wong kang oncat saka
ing antaranira kang padha katawan mau,
bakal padha eling marang Ingsun, yaiku
nalika Ingsun wus ngremuk atine kang laku
jina, kang wus ngedohi Ingsun lan kang
mripate wus ngalih arahe, kang tansah
laku jina ngenut marang para brahalane;
iku dhewe bakal ngrumangsani nisthaning
awake, nyumurupi piala kang katindakake
lan nyumurupi sakehing panggawene kang
nistha. [10] Banjur bakal padha sumurup, yen
Ingsun iki Yehuwah lan ora omong kosong,
manawa Ingsun ngandika bakal ndhatengake
bilai marang wong-wong mau."
[11] Mangkene pangandikane Pangeran
Yehuwah: "Keploka lan gedrugna sikilira
ing lemah sarta nguwuha: Diawas! Marga
saka sakehing panggawene turune Israel
kang nistha lan ala, wong-wong iku bakal
padha ambruk mati dening pedhang, kaliren
lan dening pageblug. [12] Kang adoh bakal
mati kena ing pageblug, kang cedhak

bakal ambruk dening pedhang, dene kang
oncat lan kapitulungan bakal mati kaliren.
Mangkono anggoningSun bakal ngatogake
bebenduningSun marang wong-wong mau.
13 Lan sira bakal sumurup, yen Ingsun iku
Yehuwah, yaiku nalika wong-wonge kang
pinatenan padha pating glimpang ana ing
tengahing para brahalane ing sakubenge
misbyah-misbyahe, ing saben tengger kang
dhuwur lan ing saben pucuking gunung, ing
sangisoring saben wit kang ngrembuyung,
ing saben wit elah kang ngrempoyok,
papan-papan kang kanggo nganakake kurban
kang arum marang sakehing brahalane.
14 Ingsun bakal ngayatake astaningSun bakal
nglawan wong-wong mau lan tanahe, ana ing
ngendi bae pamanggone, bakal Sunsirnakake
lan Sundadekake sepi mamring wiwit ing
pasamunan nganti tumeka ing Ribla, nuli bakal
padha sumurup, manawa Ingsun iki Yehuwah."

Kawusananing Yerusalem

7:1-27

7 1 Sawuse mangkono ana pangandikane
Pangeran Yehuwah marang aku mangkene:
2 "He, anaking manungsa, sira kandhaa:
Mangkene pangandikane Pangeran Yehuwah
marang tanah Israel: Wus tumeka ing
wekasane! Tanah ing keblat papat wus
tumeka ing wekasane! 3 Saiki wus tumeka
ing wekasanira lan Ingsun bakal ngesokake
bebenduningSun marang sira, lan sira

bakal Sunadili laras kalawan panggawenira
sarta Ingsun bakal males marang sakehing
tumindakira kang nistha. 4 Ingsun ora bakal
rumaos eman tumrap sira tuwin ora bakal
nandukake kawelasan, nanging Ingsun
bakal males marang sira cundhuk kalawan
tumindakira, lan panggawenira kang nistha,
iku bakal tumempuh marang sira sarta sira
bakal sumurup, yen Ingsun iki Yehuwah."
5 Mangkene pangandikane Pangeran
Yehuwah: "Lah, bilai kasusul bilai, iku bakal
nekani! 6 Wus tumeka ing wekasanira,
kaya-kaya jumedhul nglawan marang sira,
delengen tekane! 7 Kasangsaran nekani sira,
he para kang manggon ing tanah! Wus tumeka
ing wektune, wus tumeka ing dinane! Dinaning
pageger, dudu swaraning surak-surak ana ing
gunung-gunung. 8 Saiki Ingsun enggal-enggal
bakal ngesokake dedukaningSun marang
sira lan ngatogake bebenduningSun marang
sira, Ingsun bakal ngadili sira laras kalawan
tumindakira lan males sakehing panggawenira
kang nistha. 9 Ingsun ora bakal rumaos eman
lan ora bakal nandukake kawelasan; sira bakal
Sunwales cundhuk kalawan panggawenira lan
tumindakira kang nistha bakal tumempuh
marang sira. Sira banjur bakal sumurup, yen
Ingsun, Yehuwah kang nyirnakake.
10 Lah sanyata wus tumeka ing dinane: bilai
bakal tumempuh, gebuge wus semi, piangkuhe
wus kembang, 11 panganiaya wus thukul dadi
gitik kang tumrap ing duraka; wong-wonge
ora ana kang kari, apa-apane, iya kaluberane,

iya kamulyane, entek sakaluhurane pisan.
12 Wus tumeka ing wektune, wus meh tumeka
ing dinane. Sing tuku aja bungah, sing
adol aja susah, awit bebendu kang murub
tumempuh marang sagolongane kabeh kang
rame iku. 13 Amarga kang adol ora bakal
mbaleni dodolane, sanadyan bokmanawa isih
urip, sabab bebendu kang murub tumempuh
marang sagolongane kabeh kang rame iku lan
ora kena diduwa sarta ora ana wong kang bisa
ngukuhi nyawane marga saka kaluputane.
14 Ngunekna kalasangka lan samubarang
kabeh padha cawisna! Nanging ora ana
wong siji-sijia kang maju perang, amarga
bebenduningSun kang mulad-mulad
tumempuh marang sakehing karameane.
15 Ing jaban kutha pedhang, ing jero kutha
pageblug lan kaliren! Sing sapa ana ing
jaban kutha bakal mati dening pedhang, lan
sing sapa ana ing jero kutha bakal tumpes
marga kaliren utawa dening pageblug.
16 Lan sanadyan bokmanawa panunggalane
ana kang bisa oncat, iku bakal padha
manggon ana ing gunung-gunung kaya
manuk perkutut ing lembah-lembah, kabeh
padha nggluruh-nggluruh awit saka pialane
dhewe. 17 Sakehing tangan padha lemes
lan kabeh wong padha kepoyuh-poyuh
marga saking wedine. 18 Kabeh bakal padha
manganggo bagor, bakal padha kalimputan
ing rasa kaget, bakal padha kalimputan ing
wirang lan sirahe padha ngundhul kabeh.
19 Salakane dibuwangi ing lurung lan emase

bakal kaanggep najis. Emase lan salakane
ora bisa ngluwari wong-wong mau ing dina
bebendune Pangeran Yehuwah. Bakal padha
ora bisa maregi lan ora bisa ngiseni wetenge.
Sabab iku dadi sandhungan kang njalari
tumibane ing kaluputan. 20 Wong-wong mau
padha ngrerengga awake kalawan emase lan
salakane lan endahing rerenggane iki dadi
jalaraning gumunggung. Emas lan salaka
dianggo gawe reca-recane kang nistha lan
dewa-dewane kang najisake. Awit saka iku
emase lan salakane bakal Sundadekake
nenajis tumrap wong-wong iku. 21 Iku bakal
Sunulungake dadi jarahan marang tangane
para wong manca lan dadi rayahan marang
wong duraka ing bumi iki, sarta bakal
kanajisake. 22 Ingsun bakal mlengos ora
mirsani wong-wong iku, lan para wong ambek
siya bakal najisake padalemaningSun kang
aji, bakal dileboni lan dinajisake, 23 sarta
kasirnakake.

Sabab nagara iku kapenuhan ing utang
getih, lan kutha iku kebak panganiaya.
24 Bangsa-bangsa kang ambek siya dhewe
bakal Suntogake bae anggone padha teka,
iku bakal padha ngebeki omahe; Ingsun bakal
mungkasi gumunggunge, kang tuwuhe marga
saka kakuwatane iku, sarta papan-papane
pasucen bakal kanajisake. 25 Padha tinempuh
ing pagiris lan banjur padha ngupaya slamet,
nanging ora bisa oleh. 26 Kasangsaran bakal
gilir-gumanti tekane, pakabaran bakal
sumebar susul-sumusul. Padha kepengin oleh

wahyu saka nabi, piwulanging imam ilang, uga
pituture para pinituwa.
27 Ratu bakal nandhang
prihatin lan panggedhe bakal kalimputan
ing rasa geter sarta tangane sakehe wong
kang manggon ing nagara bakal lemes
marga saka wedi. Ingsun bakal nandukake
marang wong-wong iku kang cundhuk karo
panggawene lan Ingsun bakal ngadili laras
karo patrap anggone padha ngadili. Ing kono
wong-wong iku bakal padha sumurup, yen
Ingsun iki Yehuwah."

Brahala kang nistha kang ana ing sajroning Padalemaning Allah

8:1-18

8
1 Ing taun kang kaping enem, tanggal
lima sasi enem, nalika aku pinuju lungguh
ana ing omahku, arep-arepan karo para
pinituwaning Yehuda, aku nuli kalimputan ing
pangwaose Pangeran Yehuwah,
2 sarta banjur
tampa wahyu: Lah ana kang katon kang
rupane kaya sawijining priya, wiwit bangkekan
tekan ing ngisor rupane kaya geni, saka ing
bangkekan mandhuwur katon mawa cahya,
gumilap kaya swasa.
3 Iku nuli mulungake
kang kaya asta, rambutku dicepeng. Aku
banjur kajunjung dening Sang Roh iku marang
ing antarane langit lan bumi sarta ing sajroning
wahyuning Allah aku kabekta menyang ing
Yerusalem, ing sacedhaking gapuraning
plataran ing jero kang marep ngalor, kang ana
recane brahala, kang nuwuhake butarepan.

4 Lah ing kono katon kamulyaning Allahe
Israel, kaya wahyu kang dakdeleng ana ing
lebak. 5 Aku banjur dipangandikani mangkene:
“He, anaking manungsa, ngingetna mangalor!”
Aku tumuli ngingetake mangalor, lah ing
salore gapuraning misbyah, ing sacedhake
dalan mlebu, ana reca kang nuwuhake
butarepan mau. 6 Aku nuli kapangandikanan
mangkene: “He, anaking manungsa, apa sira
ndeleng apa kang padha ditindakake, yaiku
panggawe-panggawe kang nistha banget,
kang dilakoni dening turune Israel ana ing
kene, satemah Ingsun kapeksa ngedohi
papan pasuceningSun? Sira isih bakal ndeleng
panggawe kang nistha kang ngluwihi iku.”
7 Aku nuli kabekta menyang ing lawanging
plataran; aku ndeleng lah ing temboke ana
bolongane. 8 Pangandikane marang aku
mangkene: “He, anaking manungsa, bolongan
ing tembok iku ambakna!” Bareng bolongan
iku wus dakambakake, ing kono ana lawange.
9 Aku tumuli dipangandikani: “Sira lumebua
lan ndelenga panggawe-panggawe kang
nistha kang ala, kang padha ditindakake ana
ing kene!” 10 Aku banjur lumebu lan ndeleng
lah ana gambaring sakehe kewan gumremet
lan kewan-kewan liyane kang njejemberi
sarta sakehing brahalane turune Israel kang
ingukir ana ing tembok ing sakubenge. 11 Ing
ngarepe katon ana pinituwaning turune Israel
pitung puluh kang padha ngadeg, Yaazanya
bin Safan ana ing satengahe wong-wong
mau, kabeh padha nyekel bokor padupan;

kukusing dupa kang arum kumelun. [12] Aku
banjur dipangandikani mangkene: “He,
anaking manungsa, apa sira wus ndeleng apa
kang katindakake dening para pinituwaning
turune Israel ana ing pepeteng ana ing
sajroning kamare dhewe-dhewe kang ana
gambare ukir-ukiran? Amarga padha celathu
mangkene: Pangeran Yehuwah ora mirsa kita;
Pangeran Yehuwah wus nilar tanah kene.”
[13] Pangandikane maneh mangkene: “Sira
bakal ndeleng panggawe nistha kang ngluwihi
gedhene maneh, kang padha dilakoni.”

[14] Aku banjur kabekta menyang ing
sacedhaking lawang gapuraning padalemane
Pangeran Yehuwah ing sisih lor, lah ing kono
ana wong wadon kang padha nangisi Bathara
Tamus. [15] Aku nuli dipangandikani mangkene:
“He, anaking manungsa, apa sira wus ndeleng
kang padha ditindakake? Sira isih bakal
ndeleng panggawe-panggawe kang nisthani
ngluwihi iki banget.”

[16] Sawuse mangkono aku banjur dibekta
menyang ing platarane njero padalemaning
Yehuwah; lah ing sacedhake dalan lumebu
marang ing padalemane Pangeran Yehuwah,
ing antarane bale Pasucen lan misbyah ana
wong lanang kira-kira selawe kang padha
ngungkurake padalemane Pangeran Yehuwah,
lan padha madhep mangetan kalawan sujud
marang srengenge kang ana ing sisih wetan.
[17] Aku tumuli dipangandikani: “Apa sira wus
ndeleng iku, he anaking manungsa? Apa iki
prakara remeh, panggawe-panggawe nistha

kang dilakoni dening turune Yehuda ana ing
kene iki? Dene tanah iki malah banjur wus
dikebaki ing panganiaya, lan marga saka
mangkono terus bae anggone gawe gerahing
panggalihingSun.
18 Mulane bakal Sunwales
kalawan bebenduningSun. Ingsun ora bakal
rumaos eman lan ora bakal nandukake
kawelasan sarta sanadyan padha sesambat
marang Ingsun kalawan sora, ora bakal
Sunpiyarsakake.”

Para wong duraka ing Yerusalem padha dipateni

9:1-11

9 1 Aku banjur krungu Panjenengane
ngandika kalawan swara sora mangkene:
“Padha majua mrene, he para kang kuwajiban
nibakake paukuman marang kutha iki!
Siji-sijine nggawaa piranti kanggo nyirnakake.”
2 Lah ana wong lanang enem kang teka saka
ing lawang gapura ing dhuwur, kang marep
ngalor, siji-sijine nggawa piranti pangremuk.
Panunggalane ana siji kang manganggo mori,
kang ing lambunge ana pirantine kanggo nulis.
Wong mau padha lumebu lan ngadeg sandhing
misbyah tembaga.
3 Ing nalika iku kamulyaning
Allahe Israel wus mumbul saka ing kerub
papane sakawit, minggah ing tlundhaging
lawange Padaleman Suci. Pangeran banjur
nimbali wong kang manganggo mori lan
nggawa piranti nulis ana ing lambunge,
4 sarta kapangandikanan mangkene: “Sira

lumakua saka ing satengahing kutha, yaiku
Yerusalem lan nulisa aksara T ing bathuke
wong-wong kang padha sesambat marga saka
sakehing panggawe nistha kang katindakake
ana ing kono.” 5 Dene sapangrunguku wong
liya-liyane padha dipangandikani mangkene:
“Wong iku etutna, kutha iku dlajahana lan sira
menthungana nganti mati! Sira aja ngrasa
eman lan aja nandukakake piwelas. 6 Para wong
tuwa, wong enom lanang wadon, bocah-bocah
lan wong wadon, iku padha sira patenana lan
sirnakna! Nanging sakehing wong kang mawa
tandha aksara T iku aja sira kapak-kapakake!
Lan wiwitane saka ing papan pasuceningSun!”
Banjur padha miwiti saka para pinituwa
kang ana ing sangarepe Padaleman Suci.
7 Sawuse mangkono padha dipangandikani
mangkene: “Padaleman Suci iku sira najisna,
plataran-platarane kebakana wong-wong kang
wus kapatenan. Wis padha mangkata!” Nuli
padha mangkat, wong-wong ing sajroning
kutha padha dipenthungi nganti mati. 8 Sajrone
padha mateni wong-wong iku -- ing nalika
iku aku kari ana ing buri -- aku banjur sujud
lan munjuk kalawan sora mangkene: “Dhuh
Pangeran Yehuwah, punapa karsa Paduka
badhe nyirnakaken sadaya kekantunanipun
Israel ing salebetipun Paduka ngesokaken
bebendu Paduka dhateng Yerusalem punika?”
9 Paring wangsulane marang aku: “Kaluputane
turune Israel lan Yehuda iku akeh banget,
nganti tanah iki kebak utang getih lan kutha
iki kebak kaanan kang ora adil; awit padha

ngucap mangkene: Pangeran Yehuwah wus
nilar tanah iki; Pangeran Yehuwah ora mirsani
iki. 10 Mulane Ingsun uga ora bakal ngraos
eman lan ora bakal nandukake kawelasan;
kalakuane bakal Suntampekake marang sirahe
wong iku kabeh.”
11 Ing kono wong kang manganggo
mori lan nggawa piranti nulis ana ing
lambunge iku banjur lapur, unjuke: “Kawula
sampun nglampahi punapa ingkang Paduka
dhawuhaken dhumateng kawula.”

Kamulyane Pangeran Yehuwah nilar Padaleman Suci

10:1-22

10 1 Aku banjur ndeleng lah ing sadhuwure
penthengan kang mayungi sirahe para
kerub ing dhuwure ana kang kaya dhampar,
katon kaya sesotya manila. 2 Kang manganggo
mori mau nuli kapangandikanan mangkene:
“Sira lumebua ing sangisoring kerub saka
ing antarane rodha-rodhane, ngrakupa mawa
mengangah saka ing satengahe kerub iku lan
sawurna ing sadhuwure kutha iku.” Aku tumuli
sumurup wong mau lumebu.
3 Kerub mau padha ngadeg ana ing sakidule
Padaleman Suci, nalika wong mau lumebu
ing satengahe rodha-rodhane, lan plataran
ing jero kalimputan ing mega. 4 Ing nalika iku
kamulyaning Sang Yehuwah minggah saka ing
sadhuwuring kerub lan pindhah ing tlundhage
lawanging Padaleman Suci, lan Padaleman

Suci iki kapenuhan ing mega sarta platarane
kebak cahya kamulyane Pangeran Yehuwah.
5 Swaraning swiwine kerub iku keprungu nganti
tekan ing plataran ing jaba kaya swaraning
Allah Kang Mahakwasa manawa ngandika.
6 Wong kang manganggo mori mau
kadhawuhan mangkene: "Sira njupuka geni
saka ing satengahe rodha-rodhane, saka ing
satengahe kerub iki!" Kang manganggo mori
banjur mangkat lan ngadeg ing sandhinge
salah sawijine rodha iku. 7 Nuli kerub kang
siji mulung tangane saka ing satengahing
para kerub marang ing geni kang ana ing
satengahe, kajupuk sathithik kadekekake ing
tangane kang manganggo mori. Wong iki
nampani banjur lunga. 8 Kerub-kerub iku katon
kadunungan kang kaya tanganing manungsa
ana ing sangisoring swiwine.
9 Aku ndeleng sandhing kerub-kerub iku ana
rodha papat, saben kerub ing sandhinge ana
rodhane siji, sarta rodha-rodha iku katon
gumebyar kaya sesotya pirus. 10 Katone
kapat pisan iku padha, kaya-kaya rodha kang
siji dumunung ing satengahe rodha sijine.
11 Manawa ngglindhing bisa ngener ing patang
panggonan, ora nganggo mingar-minger
lakune, amarga menyang ngendi parane
rodha kang ngarep, rodha liya-liyane padha
ngetutake, tanpa mingar-minger lakune.
12 Badane kerub sakojur, gegere, tangane,
swiwine lan rodhane kapat pisan kebak
mripat mubeng. 13 Sakrunguku rodha-rodhane
iku jenenge "rodha mubeng". 14 Siji-sijine

kadunungan rai papat: kapisan rai kerub,
kapindho rai manungsa, katelu rai singa lan
kapate rai garudha.
15 Kerub mau banjur padha mumbul.
Iku makhluk kang urip kang dhek biyen
dakdeleng ana ing sapinggiring kali Kebar.
16 Manawa kerub iku lumaku, rodha-rodhane
iya ngglindhing ing sandhinge, manawa kerub
iku ngegarake swiwine arep mabur saka ing
lemah, rodha-rodha mau iya ora obah saka
ing sandhinge. 17 Manawa kerub mau padha
leren, rodha-rodhane iya leren; manawa
kerub iku padha mumbul, rodhane iya melu
mumbul, awit rohe makhluk kang padha urip
iku dumunung ana ing rodha-rodha kono.
18 Kamulyaning Yehuwah tumuli nilar
tlundhaging lawange Padaleman Suci lan
pindhah ing sadhuwuring kerub. 19 Kerub-
kerub iku padha ngegarake swiwine lan nalika
lungane aku sumurup, iku padha mumbul saka
ing lemah bebarengan karo rodha-rodhane.
Banjur padha leren ing sacedhaking lawange
gapurane padalemane Pangeran Yehuwah
kang ana ing sisih wetan, tuwin kamulyane
Allahe Israel ana ing sadhuwure. 20 Yaiku
makhluk-makhluk urip kang dhek biyen
dakdeleng ana ing sangisoring Allahe Israel
ana ing pinggir kali Kebar. Lan aku mangreti,
manawa iku kerub. 21 Siji-sijine ana raine
papat sarta ing sangisore swiwine ana kang
wangune kaya tanganing manungsa. 22 Katone
raine ceples karo kang dakdeleng ana ing

sapinggiring kali Kebar. Kabeh lakune padha
terus lenceng manut enering adhepe.

Para panggedhening Israel padha kaukum

11:1-13

11 [1] Aku nuli kajunjung dening Sang
Roh kabekta menyang ing lawanging
gapurane Wetan padalemaning Yehuwah,
yaiku lawang kang marep mangetan. Lah
ing gapura kono ana wong salawe lan ana
ing satengahe wong-wong iku aku ndeleng
Yaazanya bin Azur lan Pelaca bin Benaya, iku
kabeh padha dadi panggedhening bangsa.
[2] Aku banjur dipangandikani mangkene:
“He, anaking manungsa, yaiku wong-wong
kang ngrancang-ngrancang kadurjanan lan
nyenyebar pitutur ala ana ing kutha kene,
[3] kang padha celathu: Wektune mbangun
omah isih tangeh, kutha iki kendhile, dene kita
padha dadi daginge. [4] Mulane sira medhara
wangsit, nglawan wong-wong iku, medhara
wangsit, he anaking manungsa!”
[5] Aku tumuli kalimputan ing Rohe Pangeran
Yehuwah lan Pangeran Yehuwah ngandika
marang aku mangkene: “Pratelakna:
Mangkene pangandikane Pangeran Yehuwah:
Sira padha celathu mangkene, he turune
Israel, lan Ingsun mirsa apa kang tuwuh ana
ing sajroning atinira. [6] Wong kang padha sira
pateni iku cacahe saya akeh lan dalan-dalan
padha sira kebaki mayite. [7] Awit saka iku
mangkene pangandikane Pangeran Allah:

Wong kang padha sira pateni iku daginge,
dene kutha iki kendhile, nanging sira bakal
Sungiring metu saka ing kono. 8 Sira padha
wedi marang pedhang, nanging Ingsun bakal
ndhatengake pedhang nempuh sira. Mangkono
pangandikane Pangeran Yehuwah. 9 Ingsun
bakal nggiring sira metu saka ing kono,
Sunpasrahake marang wong manca sarta sira
bakal padha Sundhawahi paukuman. 10 Sira
bakal padha ambruk dening pedhang, lan
ana ing tanah Israel anggoningSun ngukum
sira, sarta sira bakal sumurup, manawa
Ingsun iki Yehuwah. 11 Kutha iki ora bakal
dadi kendhil tumrap sira utawa kaya-kaya
sira dadi daging ana ing kono. Ana ing tanah
Israel anggoningSun bakal ngukum sira.
12 Lan sira bakal padha sumurup, yen Ingsun
iki Yehuwah; amarga kalakuanira iku ora
cocog kalawan pranatan-pranataningSun sarta
sira ora nglakoni dhawuhingSun, malah sira
nindakake padataningSun bangsa-bangsa ing
sakubengira."
13 Nalika aku lagi medhar wangsit iku,
Pelaca bin Benaya mati. Aku banjur sujud lan
munjuk kalawan swara sora mangkene: "Dhuh
Pangeran Yehuwah, punapa Paduka badhe
numpes kekantunipun Israel?"

Janji bab pambanguning Israel

11:14-25

14 Sawuse mangkono ana pangandikane
Pangeran Yehuwah marang aku mangkene:

15 “He, anakingmanungsa, para kang
manggon ing Yerusalem padha kandha bab
sakehing sadulurira, sanak kadangira, lan
sakehing turune Israel kabeh, mangkene:
Wong-wong iku wus padha adoh karo Pangeran
Yehuwah, tanah iki wus kaparingake marang
aku dadi duwekku. 16 Mulane sira pratelakna:
Mangkene pangandikane Pangeran Yehuwah:
Sanadyan wong-wong iku wus Sunbekta
adoh menyang ing satengahe bangsa-bangsa
lan Sunsebar-sebar ana ing kutha-kuthane,
sarta Ingsun mung dadi pasucen kang
sepele tumrap wong-wong iku ana ing
nagara-nagara kono, 17 ewasamono sira
celathua: Mangkene pangandikane Pangeran
Yehuwah: Sira bakal padha Suntimbali
nglumpuk saka ing panggonane para bangsa,
sarta Sunkumpulake saka ing nagara-nagara,
papan panggonanira kasebar, tuwin sira bakal
Sunparingi tanah Israel. 18 Dene sawuse
padha ana ing kana, bakal padha nyingkirake
sakehing dewane kang nistha lan sakehing
panggawene kang asor kang ana ing kana.
19 Bakal padha Sunparingi ati kang seje
lan roh kang anyar ana ing batine; atine
kang kaya watu bakal Sunbengkas lan bakal
Sunparingi ati daging, 20 supaya lakune manut
ing sakehing pranatan-pranataningSun lan
tatananingSun kalawan setya; ing kono banjur
padha dadi umatingSun lan Ingsun dadi
Allahe. 21 Anadene wong-wong kang atine
kelet marang para dewane kang nistha lan
panggawene kang ora pantes, iku kalakuane

bakal Suntampekake marang sirahe dhewe.
Mangkono pangandikane Pangeran Yehuwah.”
[22] Kerub-kerub mau nuli padha ngegarake
swiwine lan rodhane iya padha melu obah,
kalawan kaparingan kamulyane Gusti Allahe
Israel, [23] dene kamulyane Pangeran Yehuwah
mumbul saka ing satengahe kutha lan ngalih
menyang ing sadhuwure gunung kang ana
ing sawetaning kutha. [24] Aku nuli kajunjung
dening Sang Roh lan ing sajrone wahyu kang
saka ing Rohing Allah aku kabekta menyang
ing nagara Kasdim, ing panggonane para
boyongan. Sawuse mangkono wahyu kang
dakdeleng iku banjur ilang, [25] sarta aku tumuli
martakake marang para wong buwangan
samubarang kabeh kang wus katedahake
dening Pangeran Yehuwah marang aku.

Nabi Yeheskiel nggambar anggone Israel kabuwang

12:1-28

12 [1] Nuli ana pangandikane Pangeran
Yehuwah marang aku mangkene: [2] “He,
anaking manungsa, sira iku manggon ana ing
satengahing golongan kang mbalela kang ana
mripate kanggo ndeleng, nanging ora ndeleng
lan ana kupinge kanggo ngrungokake, nanging
ora krungu, amarga iku golongan kang
mbalela. [3] Mulane sira, anaking manungsa,
nyawisna kapreluaning wong buwangan lan
ing wayah awan sira lumakua kayadene
wong buwangan ana ing ngarepe wong-wong

mau; mangkata saka ing panggonanira saiki
menyang panggonan liyane kayadene wong
buwangan ana ing ngarepe. Bokmanawa
banjur padha ngakoni manawa padha
wangkot. 4 Barang-barangira sira gawanana
metu kayadene barange wong buwangan ing
wektu awan, ana ing ngarepe wong-wong
mau; lan ing wayah bengi sira dhewe metua
ing sapandelenge wong-wong mau, kayadene
wong kang kudu metu lan mangkat menyang
ing papan pambuwangan. 5 Sira gawea
bolongan ing tembok ing sapandelenge
wong-wong mau sarta metua mbrobos ing
kono. 6 Barang-barangira panggulen ana ing
ngarepe lan gawanen metu ing wayah bengi
kang peteng; sira nutupana rainira, nganti sira
ora ndeleng lemah; amarga sira Sundadekake
gegambarane turune Israel."

7 Aku banjur nindakake apa sadhawuhe
marang aku: ing wayah awan aku nggawa
barang-barang kayadene barange wong
buwangan lan ing wayah bengi aku gawe
bolongan ing tembok kalawan tanganku; ing
wayah bengi kang peteng ing sapandelenge
wong-wong mau aku metu kalawan manggul
barang-barangku.

8 Esuke ana pangandikane Pangeran
Yehuwah marang aku mangkene: 9 "He,
anaking manungsa, apa turune Israel jinis
kang wangkot iku ora takon marang sira:
Panjenengan punika nindakaken punapa?
10 Iku wangsulana mangkene: Pangeran
Yehuwah ngandika mangkene: Wangsite Allah

iki tumuju marang ratu ing Yerusalem lan
kabeh turune Israel kang ana ing kana. 11 Sira
tutura: Aku iki dadi gegambaran tumrap
kowe kabeh. Apa kang daktindakake iki bakal
tumanduk marang wong-wong iku: bakal
dadi wong buwangan kabuwang menyang ing
pambuwangan. 12 Lan ratune bakal manggul
barang-barange ing wayah bengi kang peteng
lan bakal tindak miyos. Wong bakal mbotol
tembok kanggo dalan miyose. Panjenengane
bakal nutupi pasuryane supaya ora mirsa
lemah. 13 Ingsun bakal masang jaringingSun
kanggo nangkep dheweke. Iku bakal kena
ing jaringingSun lan banjur bakal Sunbekta
menyang ing Babil, tanahe wong Kasdim,
nanging tanah iku ora bakal kadeleng,
banjur bakal mati ana ing kana. 14 Lan
sakehe wong kang padha ana ing sacedhake,
para pambantune lan wadya-balane, bakal
Sunsebar ing sakehing keblat sarta Ingsun
bakal ana ing burine kalawan ngunus pedhang.
15 Ing kono bakal padha sumurup, yen Ingsun
iki Yehuwah, yaiku manawa wus padha
Sunbuyarake ana ing antarane para bangsa
lan Sunsebar-sebar menyang ing sakehing
nagara. 16 Nanging ana panunggalane kang
bakal Sunkarekake sathithik, kang oncat
saka ing pedhang, kang ora mati kaliren lan
ora katempuh ing pageblug, supaya padha
nyaritakake sakehe panggawene wong-wong
mau kang nistha ana ing satengahe para
bangsa, kang padha ditekani, satemah padha
sumurup, manawa Ingsun iki Yehuwah.”

[17] Banjur ana pangandikane Pangeran
Yehuwah marang aku mangkene: [18] “He,
anaking manungsa, sira mangana panganira
kalawan gumeter lan ngombea kalawan
nrethek tuwin kalawan ati kang sumelang
[19] lan tutura marang para kang padha
manggon ing nagara iki mangkene: Mangkene
pangandikane Pangeran Yehuwah bab para
wong Yerusalem kang ana ing tanah Israel:
Iku bakal padha mangan pangane kalawan
ati sumelang lan ngombe banyu kalawan
ati kang susah banget, supaya tanahe dadi
sepi mamring, awit isine wus sirna, marga
saka panganiayane para wong kang padha
manggon ing kono kabeh. [20] Kutha-kutha
kang isih dienggoni ing wong bakal padha
dadi gempuran lan tanah kono bakal dadi sepi
mamring; ing kono sira bakal padha sumurup,
yen Ingsun iki Yehuwah.”
[21] Nuli ana pangandikane Pangeran Yehuwah
marang aku mangkene: [22] “He, anaking
manungsa, bebasan apa kang tinemu ana
ing satengahira ana ing tanah Israel, kang
surasane: Wektune wus suwe, nanging ora
ana wahyu siji bae kang kelakon? [23] Mulane
tutura marang wong-wong mau: Mangkene
pangandikane Pangeran Yehuwah: Ingsun
bakal ngilangi bebasan iki, satemah bakal ora
ana wong kang ngucapake iku maneh ana ing
tanah Israel; malah padha sira kandhanana
mangkene: Wektune wus cedhak lan saben
wahyu bakal kelakon. [24] Sabab ora bakal ana
maneh wahyu apas-apusan utawa pameca

kang nasarake ing satengahe turune Israel.
[25] Amarga Ingsun, Yehuwah bakal ngandika lan apa kang Sunpangandikakake bakal kelakon, lan pangandika iku ora bakal kaundur-undur maneh awit sajrone sira isih padha urip, he jinis kang wangkot, Ingsun bakal nglairake pangandika kang bakal Suntetepi. Mangkono pangandikane Pangeran Yehuwah."
[26] Banjur ana pangandikane Pangeran
Yehuwah marang aku mangkene: [27] "He,
anaking manungsa, lah turune Israel padha ngucap: Wahyu kang dideleng iku isih suwe banget bakale kelakon, pameca kang diucapake iku tumuju marang bab kang
isih adoh banget. [28] Mulane sira pratelaa
marang wong-wong mau: Pangandikane Pangeran Yehuwah mangkene: Ora ana pangandikaningSun siji bae kang bakal kaundur-undur. Apa kang Sunpangandikakake bakal kelakon. Mangkono pangandikane Pangeran Yehuwah.

Paukuman tumrap para nabi gadhungan

13:1-16

13 [1] Sawuse mangkono banjur ana pangandikane Pangeran Yehuwah
marang aku mangkene: [2] "He, anaking
manungsa, sira medhara wangsit nglawan nabine Israel, medhara wangsit lan tutura marang wong-wong kang medhar wangsit sasenenge dhewe bae iku mangkene: Rungokna pangandikane Pangeran Yehuwah!

3 Mangkene pangandikane Pangeran Yehuwah:
Cilaka para nabi kang gemblung kang nuruti
pamisiking atine dhewe iku lan kang ora
ndeleng wahyu. 4 Kayadene asu ajag ing
satengahing gempuran; iya kaya mangkono
iku para nabinira, he Israel. 5 Sira ora padha
ngadeg ana ing bolongan-bolonganing
balowarti lan ora ngedegake balowarti ing
sakubenging omahe Israel, supaya padha bisa
tetep lestari ana ing paperangan ing dinane
Pangeran Yehuwah. 6 Wahyune wong-wong
iku ngapusi lan pamecane iku goroh. Padha
kandha: Mangkene pangandikane Pangeran
Yehuwah. Mangka padha ora kautus dening
Yehuwah, ewasamono padha ngarep-arep
kelakone pangandikane mau. 7 Kang padha
sira deleng iku rak wahyu apus-apusan sarta
pameca kang goroh, kang padha sira ucapake
iku, samangsa sira celathu: Mangkene
pangandikane Pangeran Yehuwah, mangka
Ingsun ora ngandika? 8 Mulane mangkene
pangandikane Pangeran Yehuwah: 9 Ingsun
bakal ngacungake astaningSun nglawan
para nabi kang ndeleng prakara kang ora
nyata lan kang ngucapake pameca-pameca
kang goroh, wong-wong iku ora klebu ing
golonganing umatingSun lan ora bakal
kapengetan dadi turuning Israel, lan ora
bakal lumebu maneh ing tanah Israel, sarta
sira bakal sumurup, manawa Ingsun iki
Pangeran Yehuwah. 10 Amarga, iki sanyatane,
wong-wong iku padha nasarake umatingSun
kalawan tembunge: Tentrem rahayu, mangka

babar pisan ora tentrem rahayu -- padha
ngedegake balowarti lan lah banjur dilabur
kalawan gamping -- 11 sira kandhaa marang
wong kang padha nglabur kalawan gamping
mangkene: Udan deres bakal nganakake
banjir, bakal ana udan krikil lan angin prahara!
12 Manawa balowartine iku wus rubuh, apa
wong ora bakal celathu marang sira: Endi
saikine gamping kang sira templokake kae?
13 Mulane mangkene pangandikane Pangeran
Yehuwah: Sajroning bebenduningSun Ingsun
bakal nganakake prahara lan sajroning
dukaningSun udan deres kang nuwuhake
banjir, sarta ing sajroning bebenduningSun
udan krikil kang gawe rusak. 14 Sabanjure
Ingsun bakal njugrugake balowarti kang sira
labur kalawan gamping iku lan Sunbrukake ing
lemah, nganti tetalese katon; balowartining
kutha iku bakal ambrol lan sira bakal
padha tiwas ana ing jerone! Ing kono sira
bakal sumurup, yen Ingsun iki Yehuwah.
15 Mangkono anggoningSun bakal ngesokake
bebenduningSun marang balowarti iku marang
wong kang padha nglabur kalawan gamping
tuwin Ingsun bakal ngandika marang sira: Wus
sirna balowartine lan wus sirna wong kang
padha nglabur, 16 yaiku para nabine Israel
kang nglairake pameca tumrap Yerusalem
lan ndeleng wahyu bab tentrem rahayune,
mangka babar pisan ora ana tentrem rahayu;
mangkono pangandikane Pangeran Yehuwah.”

Paukuman marang para nabi wadon gadhungan

13:17-23

[17] “Sira anaking manungsa, nemonana
golonganing wong wadon bangsanira kang
memeca saenaking atine bae iku lan nglairna
pameca nglawan wong-wong iku: [18] Sira
kandhaa: Mangkene pangandikane Pangeran
Yehuwah: Bilai para dhukun wadon, kang
naleni kabeh ugel-ugel kalawan tali jimat lan
ngenggokake kudhung ing sirahe wong kabeh,
tuwa utawa enom, kanggo njiret nyawaning
wong. Sira apa arep njiret nyawaning wong
kang kagolong umatingSun lan ngetokake
wong-wong liyane padha urip kanggo
kapreluanira? [19] Sira iku nerak kasuceningSun
ana ing satengahe umatingSun mung supaya
oleh sair sawatara gegem lan roti sawatara
iris kalawan mateni wong-wong kang kudune
ora mati lan ngetogake wong-wong padha
urip, kang kudune ora urip, marga saka
anggonira ngapusi umatingSun, kang gelem
ngrungokake ujar goroh.
[20] Awit saka iku mangkene pangandikane
Pangeran Yehuwah: Ingsun bakal nglawan tali
jimatira, kang sira anggo njiret nyawaning
wong, bakal Sunrebat saka ing tanganira
tuwin wong-wong kang padha sira cekel iku
bakal Suneculake kaya manuk. [21] Kudhungira
bakal Sunsuwek-suwek lan bakal nguwalake
umatingSun saka ing tanganira sarta iku

padha ora bakal dadi memangsanira maneh
ana ing tanganira. Sira banjur padha sumurup,
manawa Ingsun iki Yehuwah. [22] Sarehne sira
padha ngringkihake atine wong bener kalawan
goroh, sanadyan Ingsun ora damel prihatine
lan kosokbaline sira padha mangkotake atine
wong duraka, satemah banjur ora mratobat
saka ing kalakuane kang duraka iku, sarta
sira padha nglestarekake wong iku urip,
[23] mulane sira ora bakal ndeleng maneh
prakara-prakara kang awujud apus-apus lan
nglairake pameca-pameca kang goroh; Ingsun
bakal ngluwari umatingSun saka ing tanganira
tuwin sira bakal padha sumurup, manawa
Ingsun iki Yehuwah."

Paukuman marang para wong kang nyembah brahala

14:1-11

14 [1] Sawuse mangkono panunggalane
para pinituwaning Israel ana sawatara
kang padha nemoni aku lan banjur linggih
ana ing ngarepku. [2] Nuli ana pangandikane
Pangeran Yehuwah marang aku mangkene:
[3] "He, anaking manungsa, wong iki padha
mundhi-mundhi brahalane ana ing sajroning
atine lan mrenahake watu sandhungan ana
ing ngarepe kang njalari padha tumiba ing
kaluputan. Apa Ingsun karsa yen wong iku
padha nyuwun pituduh marang Ingsun?
[4] Mulane padha tuturana lan kandhanana
mangkene: Mangkene pangandikane Pangeran

Yehuwah: Saben wong turune Israel kang
mundhi-mundhi brahalane ana ing sajroning
atine lan mrenahake watu sandhungan ana
ing ngarepe kang nuwuhake duraka, mangka
banjur nemoni nabi -- Ingsun, Yehuwah
piyambak kang bakal paring wangsulan marga
saka akehe brahalane iku, 5 supaya Ingsun
bisa ngrogoh atine turune Israel, kang wus
padha ninggal Ingsun kabeh sarana anggone
padha ngetut-buri marang sakehing brahalane
iku.
6 Awit saka iku sira tutura marang turune
Israel mangkene: Mangkene pangandikane
Pangeran Yehuwah: Padha mratobata lan
padha ngungkurna brahala-brahalanira lan
ninggala sakehing panggawenira kang nistha,
7 amarga saka wong, turune Israel utawa wong
manca kang manggon ing satengahing Israel,
kang nyingkur marang Ingsun lan mundhi-
mundhi para brahalane ana ing sajroning atine
sarta mrenahake watu sandhungan ana ing
ngarepe, kang marakake tumiba ing duraka,
mangka banjur nemoni nabi tuwin njaluk
tulung supaya nyuwunake pituduh marang
Ingsun, Ingsun Yehuwah piyambak kang
bakal paring wangsulan. 8 Iku bakal Sunlawan
piyambak lan bakal Sundadekake tandha lan
gegambaran sarta bakal Sunsirnakake saka
ing satengahing umatingSun. Ing kono sira
bakal padha sumurup, yen Ingsun iki Yehuwah.
9 Manawa nabi iku nganti kena kabujuk lan
banjur nglairake sadhengah tembung, Ingsun,
Yehuwah mesthi bakal mbujuk nabi iku, sarta

bakal ngayatake astaningSun nglawan marang
wong iku, tuwin wong iku bakal Sunsirnakake
saka ing satengahe umatingSun Israel.
10 Iku bakal padha nanggung kaluputane
dhewe-dhewe, iya kang njaluk pituduh iya
nabi mau, 11 supaya turune Israel aja padha
kesasar maneh ora manut marang Ingsun lan
aja najisake awake maneh kalawan sakehing
panerake. Kalawan mangkono banjur padha
dadi umatingSun sarta Ingsun dadi Allahe.
Mangkono pangandikane Pangeran Yehuwah.”

Paukumane wus ora kena kaduwa maneh

14:12-23

12 Nuli ana pangandikane Pangeran Yehuwah
marang aku mangkene: 13 “He, anaking
manungsa, manawa ana sawijining nagara
kang dosa marang Ingsun kanthi patrap
ora setya lan Ingsun banjur ngayatake
astaningSun prelu nglawan kalawan
nyirnakake pasadhiyane pangan lan
ndhatengake mangsa pailan marang nagara
iku sarta manungsa lan kewan ing nagara
kono kasirnakake, 14 sanadyan ing kono
tinemu wong telu iki, yaiku Nuh, Dhaniel lan
Ayub, wong iki bakal mung bisa nylametake
awake dhewe marga saka kamursidane.
Mangkono pangandikane Pangeran Yehuwah.
15 Utawa manawa Ingsun ndadekake kewan
galak padha saba ana ing nagara kono, kang
ngentekake wong kang padha manggon ing
kono, satemah nagara iku dadi sepi mamring

lan ora ana wong kang wani mrono marga saka
anane kewan-kewan galak mau, [16] sanadyan
ing kono tinemu wong telu mau, dhemi Ingsun
gesang -- mangkono pangandikane Pangeran
Yehuwah -- wong iku ora bakal padha bisa
nylametake anak lanang utawa anak wadon;
mung wong iku dhewe kang kapitulungan,
dene nagara iku bakal dadi sepi mamring.
[17] Utawa manawa Ingsun ngasta pedhang
kanggo nagara iku lan Sunpangandikani:
He pedhang, sira ndlajahana nagara iku,
lan manungsa sarta kewan ing nagara kono
Sunsirnakake, [18] sanadyan ing nagara kono
tinemu wong telu mau, demi Ingsun gesang --
mangkono pangandikane Pangeran Yehuwah
-- wong iku ora bakal bisa padha nylametake
anak lanang utawa anak wadon, mung wong
iku dhewe kang bisa kapitulungan. [19] Utawa
manawa Ingsun ndhatengake pageblug ana
ing nagara kono tuwin Ingsun ngesokake
bebenduningSun marang nagara iku kalawan
ngwutahake getih, satemah sirna manungsa
lan kewan ing nagara kono, [20] sanadyan
Nuh, Dhaniel lan Ayub ana ing kono, demi
Ingsun agesang -- mangkono pangandikane
Pangeran Yehuwah -- wong iku ora bakal bisa
padha nylametake anak lanang utawa wadon,
nanging mung bakal padha bisa mitulungi
nyawane dhewe marga saka kamursidane.
[21] Amarga mangkene pangandikane Pangeran
Yehuwah: Malah ngluwihi iku, yaiku manawa
Ingsun ndhatengake paukumaningSun patang
warna kang abot-abot iku bareng, pedhang,

pailan, kewan galak lan pageblug ana ing
Yerusalem, kang nyirnakake manungsa lan
kewan ing kono! 22 Nanging, lah ing kono
bakal ana kekarene, yaiku kang padha
bisa oncat, anak lanang lan anak wadon;
iku bakal padha metu nemoni sira lan sira
bakal nyumurupi tindak-tanduke, temah sira
banjur rumangsa kalipur ing bab kasangsaran
kang Sundhatengake ing Yerusalem, iya
bab kabeh kang Sundhatengake ing kono
mau. 23 Wong-wong iku bakal padha dadi
panglipurira, yaiku manawa sira sumurup
marang tindak-tanduke sarta sira bakal padha
mangreti, manawa anggoningSun nandukake
iku mau kabeh marang Yerusalem iku ana
sababe. Mangkono pangandikane Pangeran
Yehuwah."

Yerusalem, wit anggur kang tanpa guna

15:1-8

15 1 Banjur ana pangandikane Pangeran
Yehuwah marang aku mangkene: 2 "He,
anaking manungsa, apa kaluwihane kayu
anggur yen katimbang karo sakehing kayu
kang tuwuh ana ing satengahing wit-witan
alas? 3 Apa wong njupuk kayune kanggo
gawe barang dandanan utawa kanggo gawe
canthelan kanggo nyanthelake sawernane
piranti? 4 Ora, sanyatane kayu iku nuli
diuncalake ing geni, bongkot pucuke entek
kobong lan kang tengah lagi mengangah, apa
iku isih migunani kanggo gegawean? 5 Lah isih

wutuh bae ora kanggo apa-apa, saya maneh
bareng wis kamangsa ing geni lan kobong; apa
isih kena kanggo apa-apa? [6] Mulane mangkene
pangandikane Pangeran Yehuwah: Kayadene
kayu anggur ana ing antarane wit-witan ing
alas, kang Sununcalake ing geni supaya
kobong, samono uga Yerusalem iya bakal
Sunpatrapi mangkono. [7] Ingsun piyambak
kang bakal nglawan. Sanadyan padha bisa
oncat saka ing geni, ewasamono bakal
kamangsa ing geni. Sira banjur bakal padha
sumurup, manawa Ingsun iki Yehuwah, yaiku
nalika Ingsun lagi nglawan, [8] sarta nagara
iku bakal Sundadekake sepi mamring, marga
padha ora setya. Mangkono pangandikane
Pangeran Yehuwah."

YERUSALEM KANG ORA SETYA

16:1-63

Yerusalem kapundhut garwa dening Allah

16:1-14

16 [1] Nuli ana pangandikane Pangeran
Yehuwah marang aku mangkene: [2] "He,
anaking manungsa, Yerusalem sumurupna
marang panggawe-panggawene kang
nistha. [3] Lan tutura mangkene: Mangkene
pangandikane Pangeran Yehuwah marang
Yerusalem: Asalira lan kalairanira iku saka ing
tanah Kanaan; bapakira iku wong Amori lan
ibunira wong Heti. [4] Kalairanira iku mangkene:

Nalika sira dilairake, puserira ora dikethok lan
sira ora didusi nganggo banyu supaya resik;
sira uga ora dikosoki nganggo uyah utawa
digedhong. 5 Ora ana siji-sijia kang ngrasa
welas marang sira kang banjur nandukake
iku mau marang sira marga saka anggone
kadunungan rasa welas; sira malah nuli
kabuwang menyang ing ara-ara, amarga
nalika lairira kaanggep tanpa aji dening wong.
6 Ingsun tumuli tindak langkung lan ningali
sira kroncalan kalawan kuthah getih, sarta
sajrone sira kuthah getih iku Ingsun ngandika
marang sira: Sira kudu urip 7 lan dadi gedhe
kaya tetuwuhan ing ara-ara! Sira dadi gedhe
tuwin wus cukup umurira, malah banjur
wus diwasa; payudaranira menter-menter,
rambutira wus thukul, nanging sira wuda
mblejed.
8 Ingsun nuli tindak langkung lan Ingsun
ningali sira, lah sira wus tumeka ing
titimangsanira birai. Ingsun banjur njereng
pangagemaningSun Sunkemulake marang
sira, wewadinira Suntutupi. Ingsun nganakake
prajanjian kalawan supaos karo sira --
mangkono pangandikane Pangeran Yehuwah
-- mulane sira wus dadi kagunganingSun.
9 Sira Sunedusi nganggo banyu, Sunresiki
getihira sarta Sunborehi kalawan lenga. 10 Sira
Sunenggoni sandhangan kang mawa warna,
sira Sunparingi sandhal walulang dhuyung lan
kudhung mori alus apadene slendhang sutra.
11 Sabanjure sira Sunenggoni rerenggan,
tanganira Sunenggoni gelang, sarta kalung

ing gulunira. 12 Irungira Sunenggoni gelang
lan anting-anting ing kupingira, sarta
makutha kamulyan ing sirahira. 13 Dadine
sira nganggo rerenggan emas lan salaka,
sandhanganira mori alus lan sutra apadene
panganggo kang mawa warna; sira dadi
ayu linuwih, satemah pantes dadi ratu.
14 Marga saka endahing warnanira, jenengira
misuwur ana ing satengahe para bangsa, awit
kaendahanira iku luwih dening sampurna,
amarga saka sumoroting rerengganingSun
kang Sunparingake marang sira. Mangkono
pangandikane Pangeran Yehuwah."

Yerusalem dadi wanita tunasusila, mulane banjur tampa paukuman

16:15-52

15 "Nanging sira ngendelake kaendahaning
warnanira lan banjur dadi wanita tunasusila
marga saka kondhangira iku, sarta
anggonira dadi wanita tunasusila iku sira
tawak-tawakake marang angger wong
kang liwat. 16 Sandhanganira sira anggo
ndadekake manca-warnane tengger-tenger
pangurbananira lan sira banjur tumindak
nistha ana ing kono. Pratingkah mangkono
iku durung tau kelakon tuwin ora bakal
kelakon maneh. 17 Rerengganira kang kagawe
saka emasingSun lan salakaningSun, kang
Sunparingake marang sira uga sira jupuk lan
sira anggo gawe reca-reca lanang sarta sira
banjur tumindak nistha kalawan reca-reca

iku. 18 Sandhanganira kang manca-warna
sira anggo nutupi reca-reca mau tuwin lenga
lan dupa kagunganingSun sira sajekake.
19 Uga dhaharaningSun kang Sunparingake
marang sira, yaiku glepung kang becik
dhewe, lenga lan madu kang Sunparingake
minangka panganira, iku iya sira wenehake
minangka sesajen kang arum. Mangkono
pangandikane Pangeran Yehuwah. 20 Malah
dalasan anak-anakira lanang lan wadon kang
sira lairake kagem Ingsun uga sira jupuk,
sira dadekakake sesajen marang reca-reca mau
minangka pangane. Apa tindakira kang nistha
kang mangkono iku durung cukup, 21 dene sira
uga banjur nyembeleh para putraningSun,
sira pasrahake marang reca-reca iku, sira
dadekakake kurban sarana kaobong ing geni?
22 Ing sajrone sakehing panggawenira kang
asor lan nistha iku sira ora kelingan maneh
marang nalika enomira, nalika sira isih
wuda mblejed lan kroncalan kalawan kuthah
getihira.

23 Lan sawuse sakehing durakanira iku --
bilai, bilai sira! Mangkono pangandikane
Pangeran Yehuwah, -- 24 sira nganakake
panggonan kang dhuwur lan gawe tengger
pangurbanan ana ing saben ara-ara. 25 Sira
gawe tengger pangurbanan ana ing saben
prapatan lan banjur adol kaendahaning
warnanira dadi tindak kang nistha kalawan
mlengkahake pupunira sakarone kanggo
saben wong liwat; kalawan mangkono
kanisthanira saya wuwuh-wuwuh. 26 Sira

tumindak nistha kalawan wong Mesir,
tangganira kang karem asmara iku, satemah
kanisthanira saya wuwuh-wuwuh maneh,
njalari gerahing panggalihingSun. 27 Lah
sira wus Ingsun lawan lan wus Sunkurangi
cadhongira sarta sira Sunulungake marang
tindake sawenang-wenang para wong kang
padha sengit marang sira, yaiku para wong
wadon Filisti, kang rumangsa isin ndeleng
pratingkahira kang nistha iku. 28 Sira uga
alaku nistha kalawan wong Asyur, amarga
sira durung ngrasa marem, malah sanadyan
sira wus laku nistha kalawan wong-wong
iku, ewadene meksa durung ngrasa marem.
29 Tumindakira kang nistha iku sira wuwuhi
sarana panggawenira kang mangkono
iku karo nagara dagang Kasdim, nanging
iya meksa durung marem. 30 Kebangeten
temen anggonira ngumbar hawa-nepsunira
iku -- mangkono pangandikane Pangeran
Yehuwah -- kabeh iku mau sira tindakake,
yaiku panggawening sundel keparat, 31 kang
nganakake pepunthuk ana ing saben prapatan
lan gawe tetengger pangurbanan ana ing
ara-ara. Nanging sira iku beda karo wanita
tunasusila kang lumrah, amarga sira nampik
opah. 32 He, wong wadon kang laku jina,
kang ngrangkul wong-wong liya minangka
gegentine bojone dhewe. 33 Sakehing wanita
tunasusila padha gelem nampani opah,
nanging sira ora mangkono, sira kang malah
ngopahi para wong kang sira ajak bedhangan
minangka pamikat, supaya wong-wong ing

sakiwa tengenira padha marani sira lan banjur
bebedhangan. 34 Mulane anggonira nindakake
kanisthan iku patrape kosak-balen karo para
wong wadon liyane; dudu wonge kang ngoyak
sira, nanging sira kang malah menehi opahing
kanisthan, dene sira ora oleh apa-apa; dadi
kosok-balen kalawan sira.
35 Mulane, he wong wadon tunasusila,
rungokna pangandikane Pangeran Yehuwah!
36 Mangkene pangandikane Pangeran
Yehuwah: Ing sarehne sira ngobral-obral
kanisthanira lan sira miyak wewadinira ing
sajroning kanisthanira kalawan wong kang
seneng karo sira sarta kalawan brahalanira
apadene marga saka getihe anak-anakira
kang sira kurbanake marang iku, 37 lah marga
saka iku Ingsun bakal nglumpukake sakehing
wong kang padha sira senengi, yaiku kang
padha nggegendeng atinira, para wong kang
sira dhemeni lan kang sira sengiti; iku bakal
padha Sunklumpukake saka ing sakiwa
tengenira kanggo nglawan sira, tuwin Ingsun
bakal mbiyak wewadinira ana ing ngarepe
wong-wong iku, supaya padha ndeleng
wewadinira kalawan cetha. 38 Sira bakal
Sunadili kayadene patrape wong ngadili wong
kang laku jina lan kang ngwutahake getih
apadene Ingsun bakal ngesokake marang sira
bebendu lan butarepaningSun. 39 Sira bakal
Sunulungake marang ing tangane wong-wong
mau, papanira kang dhuwur bakal Sunjugrugi
sarta tengger-tenggerira bakal Sunrusak;
sira bakal diwudani dening wong-wong iku,

rerengganira bakal karampas, sira banjur
katinggal wuda mblejed. 40 Wong-wong
iku bakal ngundang wong sagrombolan
kang dikon nglawan marang sira; iku bakal
mbenturi sira nganggo watu sarta nuwek sira
kalawan pedhange. 41 Omahira bakal padha
diobongi lan sira bakal dipatrapi paukuman
ana ing ngarepe wong wadon akeh. Kanthi
patrap mangkono iku anggoningSun nglereni
anggonira tumindak nistha, tuwin opahing
kanisthan ora bakal sira wenehake maneh.
42 Kaya mangkono anggoningSun ngesokake
dukaningSun marang sira, satemah bentering
panggalihingSun banjur sirep; Ingsun dadi
aring sarta wus ora gerah ing panggalih
maneh. 43 Ing sarehne sira ora eling marang
nalika sira isih enom, nanging kalawan
iku mau kabeh gawe dukaningSun nganti
gumeter, lah Ingsun uga bakal nampekake
panggawenira iku marang sirahira, --
mangkono pangandikane Pangeran Yehuwah --
panggawenira kang nistha iki apa sira imbuhi
kalawan sakehing tindakira kang asor?

44 Lah saben ahli bebasan bakal nyemoni
sira mangkene: Ibune mangkono, anake iya
mangkono! 45 Sira iku anake ibunira, kang
wus jeleh marang bojone lan anak-anake
lanang, sarta sira iku adhine wadon mbakyu-
mbakyunira, kang wus bosen marang bojone
lan anak-anake lanang. Ibunira iku Heti lan
bapakira iku wong Amori. 46 Mbakyunira kang
tuwa dhewe iku Samaria, kang manggon
ing salorira karo anak-anake wadon, tuwin

adhinira wadon iku Sodom kang manggon
ing sakidulira karo anak-anake wadon.
[47] Pratingkahira iku rak niru panggawene
wong-wong iku sarta kang sira tindakake
iku niru panggawe-panggawene kang asor;
malah ora let suwe panggawenira ing sajegira
urip banjur ngluwihi alane wong-wong iku.
[48] Demi Ingsun kang gesang -- mangkono
pangandikane Pangeran Yehuwah -- sadulurira
wadon Sodom saanak-anake wadon ora
nindakake apa kang sira lakoni kalawan
anak-anakira wadon. [49] Lah ta mungguh
kaluputane sadulurira wadon Sodom iku
mangkene: gumunggung, bisa mangan nganti
turah-turah sarta seneng uripe dalasan para
anak-anake wadon, nanging ora tetulung
marang para wong sangsara lan mlarat.
[50] Banjur padha kumlungkung lan padha
nindakake kanisthan ana ing ngarsaningSun;
mulane bareng Ingsun nguningani bab
iku, banjur padha Sundohake. [51] Dene
Samaria iku anggone nglakoni dosa ora ana
saparonira, nanging sira malah tumindak
nistha ngluwihi sakarone iku, satemah
marga saka anggonira nglakoni sakehing
durakanira iku, sira njalari para sadulurira
wadon katon ora luput. [52] Mulane, heh sira,
sira nyanggaa kawiranganira dhewe, kang
njalari paukuman tumrap sadulur-sadulurira
wadon luwih entheng katimbang kang tumrap
sira; marga saka dosa-dosanira ngluwihi
nisthane para sadulurira, mulane iku padha
luwih resik katimbang sira. Mulane isina lan

nyanggaa kawiranganira dhewe, awit sira
njalari sadulur-sadulurira wadon padha katon
ora luput.”

Gusti Allah sanggem bakal nganakake prajanjian anyar

16:53-63

53 “Nanging Ingsun bakal damel pulihing
kaanane, Sodom saanak-anake wadon sarta
Samaria saanak-anake wadon, apadene
Ingsun uga bakal mulihake kaananira ana
ing satengahe wong-wong mau, 54 supaya
sira nyanggaa ing kawiranganira lan supaya
sira rumangsaa isin marga saka sakehing
panggawenira iku. 55 Anadene mungguh para
bakyunira, Sodom saanak-anake wadon bakal
pulih kaanane kaya ing maune; Samaria
saanak-anake wadon uga bakal pulih kaanane
kaya ing maune; sarta sira saanak-anakira
wadon uga bakal kapulihake kaananira
kaya ing maune. 56 Bakyunira Sodom,
bakyunira kang anom dhewe, nalika ing
wektu gumunggungira rak dadi pocapanira,
57 sadurunge pialanira kawiyak, iya kayadene
saiki, sira uga dadi cacadan tumrap para
anake wadon Edom lan para wong ing
sakiwa-tengene sarta tumrap anak-anak
wadon Filisti, kang padha ngremehake sira
saka ing sakiwa-tengenira? 58 Kanisthanira
lan panggawenira kang asor iku kudu sira
tanggung. Mangkono pangandikane Pangeran
Yehuwah.

59 Amarga mangkene pangandikane Pangeran
Yehuwah: Ingsun bakal nandukake marang
sira kaya apa kang sira lakoni, yaiku sumpah
sira anggep entheng kanthi patrap ngrusak
prajanjian. 60 Nanging Ingsun bakal ngengeti
prajanjianingSun kalawan sira nalika enomira
sarta Ingsun bakal nganakake prajanjian
kang langgeng kalawan sira. 61 Ing kono
sira banjur eling marang kalakuanira lan
rumangsa isin, ing nalika Ingsun mundhut
para bakyunira, kang tuwa lan kang enom,
nuli Sunparingake marang sira dadi anakira,
nanging ora adhedhasar anggonira netepi
prajanjian. 62 Ingsun bakal nglanggengake
prajanjianingSun kalayan sira sarta sira
bakal sumurup manawa Ingsun iki Yehuwah,
63 tuwin marga saka kang mangkono iku
sira bakal tansah eling marang dhek biyen
lan ngrasa isin, nganti cangkemira mingkem
babar pisan awit saka kawiranganira, nalika
Ingsun nganakake panebus tumrap sakehing
panggawenira. Mangkono pangandikane
Pangeran Yehuwah."

Pasemon bab anggone Sang Prabu Zedhekia ora setya

17:1-24

17 1 Nuli ana pangandikane Pangeran
Yehuwah marang aku mangkene:
2 "He, anaking manungsa, turune Israel
wenehana cangkriman lan pasemon. 3 Tutura
mangkene: Mangkene pangandikane Pangeran

Yehuwah: Ana sawijining manuk garudha
gedhe kang swiwine gedhe dawa, wulune ketel
mancawarna, iku niyup menyang ing gunung
Libanon lan nothol pucuking wit eres. 4 Pucuke
kang dhuwur dhewe dipunggel banjur digawa
menyang ing sawijining nagara dagang, nuli
diselehake ana ing kuthane wong dagang.
5 Nuli njupuk trubusan ing tanah kono banjur
ditandur ana ing pategalan kang wus kari
nanduri bae; trubusan mau diprenahake ing
sacedhaking banyu kang kimplah-kimplah,
patrape kaya nandur wit gandarusa 6 satemah
banjur thukul dadi wit anggur kang ketel,
endhek pange akeh padha tumelung ngener
marang manuk mau, dene oyod-oyode
tetep ana ing sangisore. Mangkono anggone
banjur dadi wit anggur kang metu elunge lan
trubusane nggedhabyah.
7 Ing kono nuli ana manuk garudha gedhe
liyane, kang swiwine gedhe, wulune ketel. Lah
wit anggur mau banjur ngenerake oyod-oyode
marang manuk iku lan pang-pange ditelungake
mrono uga, supaya manuk iku ngilenana
luwih becik tinimbang karo papan tumancepe.
8 Mangka wit iku wus katandur ing pategalan
kang becik, cedhak karo banyu akeh kang
luber supaya banjur metu pang-pange lan
awoh sarta supaya dadi wit anggur kang becik.
9 Sira tutura: Mangkene pangandikane
Pangeran Yehuwah: Kang mangkono iku apa
bakal mikolehi? Apa oyod-oyode ora bakal
didhungkari ing wong lan wohe apa ora bakal
dirantasi, satemah godhong-godhonge kang

enom padha dadi garing? Ora usah tangan
kang rosa lan wong akeh kang mbedhol
saoyod-oyode. 10 Lah ta iku pancen ditandur,
nanging apa bakal ana kasile? Apa iku ora
bakal alum garing manawa katempuh ing
angin wetan? Mesthi bakal alum lan garing
ana ing papan thukule iku.”
11 Nuli ana pangandikane Pangeran Yehuwah
marang aku mangkene: 12 “Tutura marang
golongan mbalela iku mangkene: Apa sira ora
sumurup marang tegese iki? Kandhanana: Lah
ratu Babil bakal teka ing Yerusalem lan nyekel
ratune sarta para panggedhene banjur padha
diboyongi menyang ing Babil. 13 Nuli njupuk
sawijining turuning ratu, kaajak nganakake
prajanjian kalawan sumpah. Wong-wong
kang nyekel pangwasa ing nagara kono iya
padha dicekeli, 14 supaya karajan iku dadi
ringkih lan ora mbalela maneh, uga supaya
netepi prajanjiane sarta kalawan mangkono
banjur bisa lestari madeg. 15 Nanging wong
iku meksa mbalela marang ratu ing Babil,
nglakokake kongkonan menyang Mesir, supaya
kabantonana jaran lan wadya-bala akeh.
Apa bakal kelakon karepe? Apa wong kang
mangkono pratingkahe iku bisa oncat? Apa
wong kang mbubrah prajanjian iku bisa oncat?
16 Demi Ingsun kang gesang -- mangkono
pangandikane Pangeran Yehuwah -- wong
iku mesthi bakal mati ana ing nagara Babil,
ing panggonane raja kang ndadekake ratu,
amarga nganggep entheng marang sumpahe
marang raja iku lan mbubrah prajanjiane

kalawan raja mau. 17 Tur Pringon ora bakal
aweh pambiyantu anggone perang awujud
wadya-bala akeh lan wong sagolongan gedhe,
nalika tembok lan beteng pangepungan
didegake kanggo nyirnakake wong akeh.
18 Iya, wong mau pancen ngremehake sumpah
lan mbubrah prajanjian. Lah ta sanadyan
anggone saguh iku kalawan jawatan tangan,
nanging kabeh mau padha katerak, mulane
ora bisa oncat. 19 Awit saka iku pangandikane
Pangeran Yehuwah mangkene: Demi Ingsun
gesang, sumpahe marang Ingsun kang
dianggep entheng lan prajanjiane ana ing
ngarsaningSun kang kabubrah, iku bakal
Suntampekake marang sirahe. 20 Ingsun bakal
masang jaringingSun kanggo nyekel wong iku,
mesthi bakal kena Sunkala sarta banjur bakal
Sunbekta menyang ing Babil tuwin ana ing
kana bakal Sundamel prakara amarga ngowahi
kasetyane marang Ingsun. 21 Anadene kabeh
wadya-balane pepilihan bakal tiwas dening
pedhang, dene kang bisa oncat bakal kasebar
menyang ing sakehing keblat. Ing kono sira
bakal sumurup, yen Ingsun iki Yehuwah, kang
mangandikakake iku.

22 Mangkene pangandikane Pangeran
Yehuwah: Ingsun piyambak bakal mundhut
pang saka ing pucuking wit eres kang dhuwur
bakal Suntanem; pucuke kang dhuwur dhewe
kang isih enom bakal Sunpunggel lan bakal
Suntanem piyambak ana ing gunung kang
munggul dhuwur; 23 iku bakal Suntanem ing
gununge Israel kang dhuwur, supaya bisa

ngepang-ngepang lan awoh sarta dadi wit eres
kang ngedab-edabi; sakehing jinis manuk lan
kang mawa wulu tuwin swiwi padha manggon
ing sangisore, padha ngayom ing sangisoring
pang-pange. 24 Ing kono kabeh wit-witan ing
ara-ara bakal padha sumurup, yen Ingsun,
Yehuwah, ngasorake wit kang dhuwur lan
ngluhurake wit kang asor, ndadekake alum
lan garing wit kang seger lan ndadekake
trubus maneh wit kang alum lan garing.
Ingsun, Yehuwah, kang ngandikakake lan
bakal nindakake iku.”

Saben wong iku tanggung jawab tumrap awake dhewe

18:1-32

18 1 Tumuli ana pangandikane Pangeran
Yehuwah marang aku mangkene:
2 “Ana apa ta sira iku, dene padha ngucapake
tembung sesemonan iki ana ing tanah Israel:
Para bapa padha mangan woh mentah
lan untune anak-anake padha dadi linu?
3 Demi Ingsun kang gesang -- mangkono
pangandikane Pangeran Yehuwah -- sira
ora bakal ngucapake tembung sesemonan
iki maneh ana ing Israel. 4 Lah ta sakehing
nyawa iku Ingsun kang ndarbeni! Apa
nyawaning bapa apa nyawaning anak iku
kagunganingSun! Dene wong kang nglakoni
dosa, iku kang kudu mati.
5 Manawa ana wong mursid kang nindakake
kaadilan lan kabeneran, 6 ora mangan daging

kurban kang ana ing gunung utawa ora
tumenga marang para brahalane Israel, ora
ngrusuhi bojone pepadhane lan ora sapaturon
karo wong wadon kang lagi nggarap sari,
7 ora nindhes wong liya, mbalekake gadhening
wong, ora ngrampas apa-apa, aweh mangan
wong luwe, aweh sandhangan marang wong
kewudan, 8 ora nganakake dhuwit utawa
njupuk bebathening lintah dharat, ngedohi
laku culika, nindakake tatanan kang bener
ing antarane wong lan pepadhane, 9 lakune
manut katetepaningSun lan tansah nglakoni
pranataningSun kalawan setya -- yaiku wong
kang mursid lan mesthi bakal lestari urip.
Mangkono pangandikane Pangeran Yehuwah.
10 Nanging manawa wong mau duwe anak
kang dadi garong lan kang seneng ngwutahake
getih utawa nglakoni salah sawijining
panggawe kang kaya mangkono 11 -- sanadyan
si bapa ora nglakoni bab iku babar pisan --
uga mangan daging kurban kang ana ing
gunung lan ngrusuhi bojoning liyan, 12 nindhes
wong sangsara lan mlarat, ngrampas, ora
mbalekake gadhening wong, tumenga marang
para brahala tuwin nglakoni kanisthan,
13 nganakake dhuwit lan njupuk bebathening
lintah darat, wong kang mangkono iku kudu
mati; getihe nampek marang awake dhewe.
14 Lah manawa wong mau duwe anak lan
anak iki nyumurupi sakehing dosa kang
dilakoni dening bapakne, nanging mangreteni
bab iku, satemah ora tumindak mangkono,
yaiku: 15 ora mangan daging kurban kang

ana ing gunung, ora tumenga marang para
brahalane turune Israel, ora ngrusuhi bojone
liyan, 16 ora nindhes wong liya, ora njaluk
cekelan, ora ngrampas apa-apa, aweh mangan
marang wong luwe, aweh sandhangan marang
kang kewudan, 17 ngedohi kaculikan, ora
nganakake dhuwit lan ora njupuk bebathening
lintah dharat, nindakake pranataningSun lan
lakune manut ing katetepaningSun -- wong
mangkono iku ora bakal mati marga saka
kaluputane bapakne, mesthi urip. 18 Bapakne
kang gawene memeres, kang ngrampas lan
kang nglakoni bab-bab kang ora becik ana
ing satengahing bangsane, lah iku bakal mati
marga saka kaluputane.
19 Ewasamono sira padha celathu: Yagene
anak kok ora melu nanggung kaluputane
bapakne? -- Amarga anak iku nglakoni
kaadilan lan kabeneran; nindakake sakehing
katetepaningSun kalawan setya, mulane
mesthi urip. 20 Wong kang nglakoni dosa,
iku kang kudu mati. Anak ora bakal melu
nanggung kaluputane bapakne lan bapa ora
bakal melu nanggung kaluputane anake. Wong
mursid bakal tampa berkahing kamursidane
lan wong duraka bakal nanggung durakane
dhewe.
21 Nanging manawa wong duraka mratobat
lan ngunduri sakehing dosa kang dilakoni
tuwin ngugemi sakehing katetepaningSun
sarta nindakake kaadilan lan kabeneran,
iku mesthi urip, ora bakal mati. 22 Sakehing
duraka kang dilakoni ora bakal kaetung

maneh tumrap dheweke; wong iku bakal
urip marga saka kabeneran kang dilakoni.
23 Apa Ingsun rena marga saka matine wong
duraka? -- mangkono pangandikane Pangeran
Yehuwah. -- Apa ora marga saka pamratobate
supaya urip? 24 Manawa wong mursid ninggal
kamursidane lan banjur nindakake kaculikan
kayadene sakehing kanisthan kang dilakoni
dening wong duraka -- apa wong iku bakal
urip? Sakehing kamursidan kang katindakake
ora bakal kaetung maneh. Wong iku kudu mati
awit saka anggone ora setya lan marga saka
dosa kang katindakake.
25 Ewadene kowe padha ngucap: Tumindake
Sang Yehuwah iku ora bener! Rungokna
dhisik, he turune Israel, tumindakingSun apa
tumindakira kang ora bener? 26 Manawa wong
mursid ninggal kamursidane lan nindakake
kaculikan satemah banjur mati marga saka
kaculikan kang katindakake. 27 Balik wong
duraka manawa mratobat lan ninggal durakane
kang dilakoni tuwin banjur nindakake kaadilan
lan kabeneran, iku bakal mitulungi nyawane.
28 Wong iku wus yakin lan banjur nyingkiri
sakehing duraka kang katindakake; iku mesthi
urip, ora bakal mati. 29 Ewasamono turune
Israel celathu: Tumindake Sang Yehuwah iku
ora bener! He, turune Israel, tumindakingSun
apa tumindakira kang ora bener?
30 Awit saka iku, he turune Israel, sira
bakal padha Sunadili manut tumindakira
dhewe-dhewe. Mangkono pangandikane
Pangeran Yehuwah. Padha mratobata lan

padha sumingkira saka ing sakehe durakanira,
supaya iku tumrap sira ora dadi sandhungan,
kang njalari sira padha tumiba ing kaluputan.
31 Padha mbuwanga sakehing duraka kang
padha sira tandukake marang Ingsun lan
atinira sarta rohira padha sira anyarna!
Yagene sira bakal padha mati, he turune
Israel? 32 Amarga Ingsun ora rena, manawa
wong kudu nanggung patine. -- Mangkono
pangandikane Pangeran Yehuwah. -- Mulane
padha mratobata, supaya sira urip!"

Kidung pangadhuh tumrap para ratu ing Israel

19:1-14

19 1 Anadene sira ngguluknа kidung
pangadhuh tumrap para ratu ing Israel,
2 lan pratelakna mangkene:
"Wah, ibunira iku pancen singa wadon
ana ing antarane singa-singa!
Nglemprak ana ing satengahe sings-singa enom
lan nusoni anak-anake.
3 Anake ana siji kang diopeni
nganti dadi singa enom,
kang sinau ndedekep
malah banjur mangsa manungsa.
4 Bangsa-bangsa padha alok: Ana singa ngamuk!
Wasana singa mau kacekel ana ing luwangan pasangane,
nuli dikeluhi

tuwin digiring menyang Mesir.
5 Bareng biyunge singa mau mangreti
manawa pambudi dayane gagal
lan wus ora duwe pangarep-arep babar
pisan
banjur njupuk anake liyane
sarta digulawenthah dadi singa enom.
6 Anake iki srawungan karo singa akeh
nuli wus dadi singa enom
lan sinau ndedekep
malah banjur mangsa manungsa.
7 Betenge padha karusak,
kuthane padha kaobrak-abrik;
bumi dalah saisine kabeh padha kaget
krungu swarane panggerone.
8 Para bangsa nuli padha gumregah nglawan
saka ing wilayah-wilayah ing sakubenge,
padha masang jaring kanggo nyekel
lan banjur kacegur ing luwangan
pasangan.
9 Tumuli dilebokake ing kandhang kalawan
keluhan,
wasana banjur kasebakake menyang ing
ngarepe ratu ing Babil; lan kalebokake
ing pakunjaran,
supaya swarane aja kaprungu maneh
ana ing gunung-gununge Israel.
10 Ibunira iku kaya wit anggur ana ing
pakebonan anggur
kang katandur ing sacedhaking banyu,
banjur awoh lan ngepang
amarga saka akehe banyune.
11 Apa pange kang thukul kang kuwat

kang dadi tekening karajan;
thukule dhuwur
ngungkuli pang-pang liyane kang rapet,
lan katon ngegla marga saka dhuwure
sarta marga ana pange cilik akeh.
12 Nanging wit anggur iku banjur kabedhol
awit saka bebendu,
lan kaebrukake ing bumi;
angin saka ing wetan gawe alum lan garinge
wohe padha gogrog.
Pange kang kuwat dadi garing
lan banjur kamangsa ing geni nganti
entek.
13 Lah saikine wit mau banjur katandur ing
ara-ara samun,
ing lemah kang garing lan kekurangan
banyu banget.
14 Banjur ana geni kang metu saka ing pange
kang mangsa pang-pange kang cilik lan
wohe nganti entek,
satemah wus ora ana pange kang kuwat,
ora ana pange kang kanggo teken
karajan.”

Yaiki kidung pangadhuh lan banjur wus dadi kidung pangadhuh.

Katresnan lan paukumaning Allah ing sejarahe Israel

20:1-44

20 1 Ing nalika taun kapitu, tanggal ping sapuluh sasi lima, ana pinituwane Israel sawatara kang teka lan banjur lungguh

ana ing ngarepku arep nyuwun pitedahe
Sang Yehuwah. 2 Banjur ana pangandikane
Sang Yehuwah marang aku mangkene:
3 “He, anaking manungsa, tutura marang
para pinituwaning Israel iku lan kandhanana
mangkene: Mangkene pangandikane Pangeran
Yehuwah: Sira padha teka arep nyuwun
pitedah marang Ingsun? Demi Ingsun kang
gesang, Ingsun ora marengake sira padha
nyuwun pitedah marang Ingsun -- mangkono
pangandikane Pangeran Yehuwah. -- 4 Apa
sira gelem ngadili wong-wong iku, he anaking
manungsa, apa sira gelem ngadili wong-wong
iku? Padha sumurupna marang panggawene
leluhure kang nistha, 5 lan tutura marang
wong-wong iku: Mangkene pangandikane
Pangeran Yehuwah: Ing dina nalika Ingsun
milih Israel, Ingsun supaos marang turune
Yakub sarta ana ing tanah Mesir padha
Sunsumurupake marang Ingsun. Ingsun
supaos ana ing ngarepe: Ingsun iki Yehuwah
Allahira! 6 Ing dina iku Ingsun supaos ana
ing ngarepe manawa bakal padha Sunbekta
saka ing tanah Mesir menyang ing tanah kang
Sunpilih supaya dadia ebeke, nagara kang
mili susu lan madu, tanah kang endah ing
antarane sakehing nagara. 7 Apadene padha
Sunpangandikani mangkene: Saben wong
mbuwanga para dewane kang marakake najis,
kang tansah ditenga, lan sira aja najisake
awakira kalawan brahala-brahala Mesir;
Ingsun iki Yehuwah Allahira. 8 Nanging banjur
padha mbalela marang Ingsun lan ora gelem

ngrungokake marang Ingsun; saben wong
ora mbuwang dewa-dewane kang marakake
najis, kang tansah dipandeng sarta ora ninggal
brahala-brahala Mesir. Mulane karsaningSun
bakal ngesokake bebenduningSun marang
wong-wong iku, Sundhawahi dedukaningSun
sakatoge ana ing satengahe tanah Mesir.
9 Nanging anggoningSun tumindak mangkono
iku marga saka asmaningSun, supaya aja
kanajisake ana ing ngarepe para bangsa, kang
tanahe padha dienggoni. Ana ing ngarepe
bangsa-bangsa iku padha Sunsumurupake
marang Ingsun, bakal Sunirid metu saka ing
tanah Mesir.
10 Padha Sunirid metu saka ing tanah Mesir,
Suntuntun menyang ing ara-ara samun.
11 Ana ing kana Sunparingi sumurup bab
katetepan-katetepaningSun lan paring uninga
bab pranatan-pranataningSun, anadene wong
kang nindakake iku bakal urip.
12 Dina-dina
SabatingSun uga Sunparingake minangka
pratandha ing antarane Ingsun lan dheweke
kabeh, supaya padha sumurup, manawa
Ingsun iki Yehuwah, kang nucekake wong-
wong mau.
13 Nanging turune Israel ana ing
ara-ara samun padha mbalela marang Ingsun;
lakune padha ora manut ing katetepaningSun
sarta padha nampik marang pranataningSun,
mangka wong kang nindakake bakal urip.
Kasucening dina-dina SabatingSun uga banget
anggone katerak. Mulane karsaningSun bakal
padha Sunesoki bebenduningSun ana ing
ara-ara samun iku sarta bakal kasirnakake.

14 Nanging anggoningSun tumindak mangkono
iku marga saka asmaningSun, supaya aja
kanajisake ana ing ngarepe para bangsa,
kang nyumurupi dhewe, nalika padha Sunirid
metu iku. 15 Ewasamono ana ing ara-ara
samun Ingsun supaos ana ing ngarepe,
manawa ora bakal Sunbekta lumebu ing tanah
kang wus Sunparingake, kang mili susu lan
madu, tanah kang endah ana ing antarane
sakehing nagara, 16 amarga padha nampik
marang pranataningSun sarta ora lumaku
manut ing katetepaningSun apadene padha
nerak kasucening dina-dina SabatingSun,
sabab atine padha ngeloni para brahalane.
17 Ewadene Ingsun ngraos welas mirsani
wong-wong mau, satemah ora Sunsirnakake
lan ora Suntumpes nganti tapis ana ing ara-ara
samun.

18 DhawuhingSun marang para anake ana
ing ara-ara samun mangkene: Lakunira
aja padha manut marang ing katetepane
bapakira lan aja padha nggondheli marang
pranatane sarta aja padha najisake awakira
kalawan para brahalane. 19 Ingsun iki
Yehuwah Allahira. Padha lumakua manut
ing katetepaningSun sarta padha nindakna
pranataningSun kalawan setya, 20 dina-dina
SabatingSun padha sira sucekna, supaya iku
dadia pratandha ing antaraningSun lan sira
kabeh, satemah wong banjur sumurup, yen
Ingsun iki Yehuwah Allahira. 21 Nanging anake
padha mbalela marang Ingsun, lakune ora
manut katetepaningSun lan ora nindakake

pranataningSun kalawan setya, mangka sing
sapa nindakake iku, bakal urip. Uga padha
nerak kasucening dina-dina SabatingSun.
Mulane karsaningSun bakal Sunesoki
bebenduningSun, Sundhawahi dedukaningSun
sakatoge ana ing ara-ara samun. 22 Nanging
Ingsun nuli mekak astaningSun sarta
anggoningSun tumindak iku marga saka
asmaningSun, supaya aja kanajisake ana ing
ngarepe para bangsa kang sumurup dhewe,
nalika padha Sunirid metu. 23 Ewasamono
Ingsun supaos ana ing ngarepe ana ing ara-ara
samun, manawa bakal padha Sunbuyarake
ana ing antarane para bangsa sarta Sunsebar
menyang ing sakehe nagara, 24 amarga
padha ora nindakake pranataningSun lan
nampik marang katetepaningSun tuwin nerak
kasucening dina-dina SabatingSun sarta
mripate tansah padha tumenga marang
para brahalane bapak-bapakne. 25 Ingsun
uga banjur paring katetepan kang ora becik
lan pranatan kang njalari ora padha bisa
urip. 26 Padha Suntogake dadi najis kalawan
anggone sesaji, anggone padha ngurbanake
sarana kaobong ing geni kabeh kang lair dhisik
dhewe saka ing guwa-garba, supaya padha
kadunungana pagiris tuwin padha sumurup,
manawa Ingsun iki Yehuwah.

27 Awit saka iku, he anaking manungsa, sira
tutura marang turune Israel lan kandhanana
mangkene: Mangkene pangandikane Pangeran
Yehuwah: Uga ing bab iki para leluhurira
padha memada marang Ingsun, yaiku

anggone banjur ora setya marang Ingsun.
28 Amarga sawuse padha Sunbekta menyang
nagara kang Sunjanjekake kalawan supaos
bakal Sunparingake marang wong-wong
mau, nuli padha tumenga marang saben
tengger kang dhuwur lan marang saben
wit-witan kang pange ngrembuyung sarta
banjur padha nganakake kurban sembelehan
tuwin nggawa sesajene kang gawe gerahing
panggalihingSun, uga padha nyawisake
sesajen kang arum ana ing kana lan
ngesokake kurban omben-omben. 29 Banjur
padha Sunpangandikani: Kang padha sira
unggahi iku tengger apa? Mulane saprene
jenenge Tengger.
30 Awit saka iku turune Israel iku kandhanana:
Mangkene pangandikane Pangeran Yehuwah:
Apa sira uga najisake awakira, niru lakune
leluhurira lan tumindak sedheng kanthi patrap
ngeloni para dewane kang nistha iku? 31 Ing
sajrone sira padha nggawa sesajenira, yaiku
anak-anakira kang sira kurbanake sarana
kaobong ing geni iku sira padha najisake
awakira kalawan para brahalanira nganti
ing dina iki; apa Ingsun isih ngarsakake
sira padha nyuwun pitedah marang Ingsun,
he turune Israel? Demi Ingsun agesang --
mangkono pangandikane Pangeran Yehuwah
-- Ingsun ora marengake maneh sira padha
nyuwun pitedah marang Ingsun. 32 Lan apa
kang tuwuh ana ing sajroning atinira babar
pisan ora bakal kelakon, yaiku kang padha
sira ucapake: Aku padha kepengin kaya

bangsa-bangsa liyane, kayadene sakehing
golongan ing nagara-nagara liya, supaya iya
bisa nyembah marang wit-witan lan watu.
33 Demi Ingsun agesang -- mangkono
pangandikane Pangeran Yehuwah -- Ingsun
bakal ngereh marang sira kabeh kalawan
asta kang rosa lan lengen kang kaacungake
sarta kalawan bebendu kang kaesokake.
34 Sira bakal Sunirid metu saka ing satengahe
bangsa-bangsa lan Sunkempalake saka ing
nagara-nagara, panggonanira padha kasebar
kalawan asta kang rosa lan lengen kang
kaacungake sarta kalawan bebendu kang
kaesokake, 35 tuwin sira bakal Sunirid menyang
ing ara-ara samuning bangsa-bangsa; ana
ing kana Ingsun bakal prakaran kalawan
sira aben ajeng. 36 Kayadene anggoningSun
prakaran kalawan leluhurira ana ing ara-ara
samun ing tanah Mesir, iya kaya mangkono
anggoningSun bakal prakaran kalawan sira
kabeh -- mangkono pangandikane Pangeran
Yehuwah. -- 37 Sira bakal padha Sunlampahake
ing sangisore tekeningSun pangon lan
Sunlebetake ing kandhang kalawan Sunetang.
38 Wong kang padha mbalela lan gawe duraka
marang Ingsun bakal Sunpisah saka ing
tengahira; iku bakal padha Sunedalake saka
ing nagara panggonane neneka, nanging bakal
padha ora lumebu ing tanah Israel. Ing kono
sira bakal padha sumurup, yen Ingsun iki
Yehuwah.
39 He, sira para turune Israel, -- mangkono
pangandikane Pangeran Yehuwah, -- wong

siji-sijine cikben lunga sujud marang para
brahalane. Nanging sawuse iku sira bakal
padha ngrungokake marang Ingsun lan
mareni anggonira najisake kasucening
asmaningSun kalawan sesajen-sesajenira lan
para brahalanira. 40 Amarga ing gunungingSun
kang suci, ing gununge Israel kang dhuwur, --
mangkono pangandikane Pangeran Yehuwah
-- ana ing kono, iya ana ing tanah kono iku,
turune Israel kabeh bakal padha ngabekti
marang Ingsun. Ana ing kono Ingsun bakal
karenan marang sira tuwin ana ing kono
Ingsun bakal mundhut marang sira kurbanira
kang mligi lan pisungsungira pepilihan, kabeh
kang padha sira sucekake. 41 Kayadene
marang padupan arum anggoningSun karenan
marang sira nalika sira padha Sunedalake
saka ing satengahing bangsa-bangsa tuwin
Sunkempalake saka ing nagara-nagara
panggonanira padha sumebar, sarta Ingsun
bakal nedahake kasuceningSun marang
sira kabeh ana ing ngarepe para bangsa.
42 Apadene sira bakal padha sumurup, yen
Ingsun iki Yehuwah, ing nalikane Ingsun ngirid
sira lumebu menyang ing tanah Israel, tanah
kang wus Sunjanjekake bakal Sunparingake
marang para leluhurira. 43 Ana ing kono
sira bakal padha tansah kelingan marang
sakehing pratingkahira anggonira padha
najisake awakira, satemah sira bakal padha
ngrumangsani nisthaning awakira marga saka
anggonira nglakoni sakehing piala. 44 Anadene
sira bakal padha sumurup, yen Ingsun iki

Yehuwah, yaiku samangsa Ingsun, marga saka asmaningSun, ora nandukake marang sira kang satimbang kalawan pratingkahira kang ala lan nistha, heh turune Israel, mangkono pangandikane Pangeran Yehuwah."

Geni saka ing tanah kidul

20:45-49

45 Tumuli ana pangandikane Sang Yehuwah
marang aku mangkene: 46 "He, anaking
manungsa, marepa mangidul lan ngucapna
panyendhu kang akeh marang tanah kidul
sarta medhara wangsit marang alas ing tanah
sisih kidul, 47 tuwin tutura marang alas ing
sisih kidul: Pangandikane Sang Yehuwah iki
rungokna: Mangkene pangandikane Pangeran
Yehuwah: Lah Ingsun bakal karya geni ana ing
sira kang bakal nyirnakake saben wit-witan
kang urip ana ing sira lan saben wit kang
garing. Geni kang murub mangalad-alad
iku ora bakal sirep-sirep lan sakehing rai
wiwit kang ana ing kidul nganti tekan kang
ana ing lor bakal gosong dening geni iku.
48 Tuwin saben wong bakal sumurup, manawa
Ingsun, Yehuwah kang karya geni iku, lan iki
bakal ora sirep-sirep." 49 Aku banjur munjuk:
"Dhuh Pangeran Yehuwah, tiyang-tiyang
wau sami nyariyosaken bab kawula: Apa
kang dikandhakake iku dudu mung tembung
pasemon?"

Pedhange Sang Yehuwah nglawan Yerusalem

21:1-27

21 [1] Tumuli ana pangandikane Sang
Yehuwah marang aku mangkene: [2] "He,
anaking manungsa, sira marepa menyang
ing Yerusalem lan ngucapna panyendhu kang
akeh marang papane kang suci sarta medhara
wangsit kang nglawan tanah Israel. [3] Tanah
Israel kandhanana: Mangkene pangandikane
Pangeran Yehuwah: Lah Ingsun bakal nglawan
sira lan bakal ngunus pedhangingSun saka
ing warangkane tuwin banjur nyirnakake
wong kang bener lan kang duraka saka ing
tengahira. [4] Sarehne Ingsun arsa nyirnakake
wong kang bener lan kang duraka saka ing
tengahira, mulane pedhangingSun bakal
kaunus saka ing warangkane banjur nglawan
sakehing manungsa wiwit saka ing kidul nganti
tekan ing lor. [5] Ing kono wong kabeh bakal
padha sumurup, manawa Ingsun, Yehuwah
ngunus pedhangingSun saka ing warangkane
sarta ora bakal kawarangkakake maneh.
[6] Anadene sira anaking manungsa,
sesambata! Sira sesambata ana ing ngarepe
wong-wong mau kaya wong kang tugel
bangkekane lan kang ana ing sajroning
kasangsaran kang pait. [7] Dene manawa padha
takon marang sira: Yagene kowe sesambat?
Wangsulana: Marga saka ana pawarta!
Manawa pawarta iku wus sumebar, saben

wong atine bakal remuk lan sakehe tangan
dadi jimpe, sakehe semangat ilang lan sakehe
wong padha giris nganti kapoyuh-poyuh.
Lah iku bakal teka lan mesthi bakal kelakon.
Mangkono pangandikane Pangeran Yehuwah."
[8] Banjur ana pangandikane Sang Yehuwah
marang aku mangkene: [9] "He, anaking
manungsa, sira medhara wangsit lan
pratelakna: Mangkene pangandikane Sang
Yehuwah: Pedhang! Pedhang! Kang wus
diasah lan uga wus kagebeg! [10] Diasah
kanggo ngwutahake getih lan kagebeg
supaya kelap-kelap kaya kilat. Apa aku kabeh
bakal padha bungah-bungah? -- Tekene
putraningSun iku ngremehake sawernane
kayu! [11] Pedhang iku kapasrahake supaya
kagebeg lan kena dianggo; pedhang iku
kaasah lan kagebeg nuli kawenehake marang
ing tangane si juru memateni. [12] Jerit-jerit
lan nangisa, he anaking manungsa! Amarga
pedhang iku kanggo nglawan umatingSun
tuwin nglawan sakehing panggedhening
Israel; wong-wong iku lan umatingSun padha
bareng kamangsa ing pedhang. Mulane sira
ceblek-cebleka cethik minangka tandhaning
kasusahan. [13] Awit wis kelakon cinoba lan
ora ana siji bae kang bisa tahan. Mangkono
pangandikane Pangeran Yehuwah.
[14] Anadene sira anaking manungsa, medhara
wangsit lan keplok-keploka, pedhang iku
cikben dadi tikel loro, tikel telu. Iku pedhang
kanggo memateni, pedhang kanggo mateni
gedhen-gedhenan, kang mider-mider

nyirnakake wong-wong mau, [15] supaya
padha remuk atine lan kang tumeka ing
pati wuwuh-wuwuh ana ing ngarepe saben
gapurane. Ingsun kang dhawuh ngwutahake
getih kalawan pedhang iku. Adhuh, pedhange
iku kagawe kayadene kilat lan digebeg kanggo
ngwutahake getih. [16] Medhanga manengen,
mangiwa, menyanga ngendi bae arepira.
[17] Sarta Ingsun uga bakal akeplok-keplok
tuwin bentering panggalihingSun banjur wus
lilih. Ingsun Yehuwah kang mangandikakake
iku."
[18] Nuli ana pangandikane Sang Yehuwah
marang aku mangkene: [19] "He, sira anaking
manungsa, nggambara dalan loro kang bakal
diliwati ing pedhange ratu ing Babil, loro-lorone
iku saka nagara siji. Sira masanga plang-dalan
ing wiwitane dalan kang ngener menyang ing
saben kutha. [20] Sira nggambara dalan kang
kanggo liwat pedhang mau anggone banjur
nglawan Raba, kutha-karajane bani Amon lan
nglawan Yehuda, marang beteng Yerusalem.
[21] Amarga ratu ing Babil bakal ana ing dalan
simpangan kono, yaiku ing wiwitane dalan
loro mau, prelu arep nindakake patenungan.
Panahe dikrocok, terafim dijaluki pituduh
lan atining kewan katiti-priksa. [22] Tangane
tengen banjur oleh panah patenungan tumrap
Yerusalem: swarane wong kang mateni
lan ngucapake pekik pertempuran supaya
keprungua lan nuli masang totog-totog gapura
sarta ngundhug-undhug lemah minangka
tembok pangepungan tuwin ngedegake beteng

pangepungan. 23 Nanging tumrap wong-wong
mau, iku kaaranan patenungan apus-apusan,
sanadyan padha nglairake sumpah kang
dakik-dakik, nanging wong iku eling marang
kaluputane wong mau, mulane banjur padha
dicekel.
24 Awit saka iku -- mangkono pangandikane
Pangeran Yehuwah: Ing sarehne anggonira
padha nglakoni kaluputanira iku njalari banjur
kelingan marga saka kawiyake panerakira iku,
satemah dosa-dosanira ing sajrone sakehing
panggawenira tumuli padha kasumurupan,
ing sarehne sira banjur padha dadi kelingan
maneh, mulane sira bakal padha dicekel
kalawan kekerasan. 25 Anadene sira, he
ratu ing Israel, wong duraka kang ala,
kang wus tumeka ing titimangsanira tampa
pangadilan kang wekasan, 26 mangkene
pangandikane Pangeran Yehuwah: Serbanira
sira singkirna lan mbuwanga makuthanira!
Kaanan saiki iki ora ana kang tetep, kang
endhek kadhuwurake, kang dhuwur kudu
kaendhekake. 27 Reruntuhan, reruntuhan,
bakal Sundadekake reruntuhan! Iki uga bakal
ora lestari mangkono, nganti sarawuhe kang
kagungan wewenang marang iku, kang bakal
Sunparingake iku.”

Pedhange Sang Yehuwah nglawan bani Amon

21:28-32

[28] “Anadene sira, he anaking manungsa,
medhara wangsit lan mratelakna: Mangkene
pangandikane Pangeran Yehuwah tumrap bani
Amon sarta panacade marang wong-wong
iku: Pedhang, pedhange wus kaunus kanggo
ngwutahake getih, wus kagebeg kanggo
nyirnakake lan supaya gilap kaya kilat -- [29] ing
nalika iku wong nyumurupi wahyu-wahyu
kang goroh tumrap sira lan nandukake
patenungan apus-apusan marang sira --
-- supaya banjur katamakake ing gulune para
wong kang duraka lan ala, kang wus tumeka
ing waktune bakal tampa pangadilan kang
wekasan. [30] Warangkakna maneh iku! Ingsun
bakal ngukum sira ana ing panggonanira
katitahake sarta ana ing nagara asalira.
[31] Ingsun bakal ngesokake bebenduningSun
marang sira kabeh lan nyemburake genining
dedukaningSun sarta sira bakal Sunpasrahake
ing tangane para wong kang tanpa pikiran
kang nuwuhake karusakan. [32] Sira bakal dadi
memangsaning geni, getihira bakal wutah ana
ing satengahing tanah kono tuwin sira bakal
ora kaelingan maneh, sabab Ingsun, Yehuwah
kang mangandikakake iku.”

Dosa-dosane Yerusalem

22:1-31

22 1 Tumuli ana pangandikane Sang
Yehuwah marang aku mangkene:
2 "He, sira anaking manungsa, apa sira gelem
nibakake paukuman, nibakake paukuman
marang kutha kang kebak getih iku? Iku
sira kandhanana bab sakehing panggawene
kang nistha, 3 sarta tutura: Mangkene
pangandikane Pangeran Yehuwah: Heh kutha
kang ngwutahake getih ana ing tengahira,
satemah wus tumeka ing mangsane tibaning
paukumanmu, lan kang gawe brahala-brahala
kang najisake sira. 4 Marga saka anggonira
ngwutahake getih iku sira nindakake
kaluputan, tuwin marga saka anggonira gawe
brahala-brahala iku sira dadi najis; marga
saka mangkono sira njalari tekane mangsanira
lan wekasaning taun-taunira. Mulane sira
Sundadekake cacadaning para bangsa lan
pepoyokaning sakehe nagara. 5 Kang cedhak
tuwin kang adoh saka sira bakal padha moyoki
sira, kang kejuwara kanisthanira tuwin kang
kebak ruara iku.

6 Lah para panggedhening Israel padha
ngendelake kakuwatane anggone ngwutahake
getih ana ing tengahira. 7 Ana ing sira bapa
lan biyung padha dicecamah lan ana ing
tengahira wong manca dikaniaya, ana ing
sira bocah yatim lan randha padha katindhes.
8 Samubarang kang suci tumrap Ingsun

sira anggep dudu apa-apa sarta dina-dina
SabatingSun sira najisake. 9 Juru pitenah
padha ana ing tengahira sumedya ngwutahake
getih, uga wong kang mangan daging kurban
ing gunung-gunung; wong padha nglakoni
kanisthan ana ing tengahira. 10 Ana ing
sira wong kelakon ngungkabi kawirangane
bojone bapakne lan sapaturon karo wong
wadon kang lagi nggarap sari kang gawe
najise. 11 Kang siji tumindak nistha karo
bojone pepadhane, dene sijine nglakoni
mangkono karo mantune wadon, ana maneh
kang sapaturon karo sadulure wadon anake
bapakne. 12 Ing tengahira ana wong kang
nampani besel kanggo ngwutahake getih;
sira nganakake dhuwit utawa njaluk anakan
tuwin gawe pitunaning pepadhanira kanthi
patrap nindhes, nanging sira ora eling marang
Ingsun. Mangkono pangandikane Pangeran
Yehuwah.

13 Lah Ingsun akeplok-keplok marga saka
kauntunganira kang nistha lan marga saka
getih kang kawutahake ana ing tengahira.
14 Apa atinira bakal tetep kuwat lan tanganira
rumangsa rosa samangsa Ingsun matrapi sira?
Ingsun Yehuwah kang mangandikakake iku lan
kang bakal nindakake iku uga. 15 Sira bakal
Sunbuyarake ana ing antarane para bangsa
lan Sunsebar ana ing nagara-nagara sarta
najisira bakal Sunsirnakake saka ing sira.
16 Sabanjure sira bakal kanajisake ana ing
ngarepe para bangsa marga saka kasalahanira

dhewe sarta sira bakal sumurup manawa
Ingsun iki Yehuwah."
17 Tumuli ana pangandikane Sang Yehuwah
marang aku mangkene: 18 "He, anaking
manungsa, tumrap Ingsun turune Israel iku
wus dadi taining logam; wong kabeh iku
kayadene tembaga, timah putih, wesi lan
timah ireng ing sajroning pawon paleburan;
kayadene tai salaka. 19 Mulane mangkene
pangandikane Pangeran Yehuwah: Ing
sarehne sira kabeh padha dadi tai logam,
mulane lah sira bakal padha Sunklempakake
ana ing satengahe Yerusalem. 20 Kayadene
wong kang ngumpulake salaka, tembaga,
wesi, timah ireng lan timah putih ana ing
pawoning paleburan lan ngububi genine
ing sangisore kanggo nglebur iku, iya kaya
mangkono anggoningSun bakal nglempakake
sira kabeh ing sajroning bebenduningSun
lan dedukaningSun lan sira bakal Sundekek
ana ing kono sarta Sunlebur. 21 Ingsun
bakal nglempakake sira kabeh lan banjur
Sunsemprot kalawan genining dedukaningSun,
satemah sira padha kalebur ana ing sajroning
pawon iku. 22 Kayadene salaka kalebur ana
ing pawon paleburan, iya kaya mangkono
anggonira bakal padha kalebur ana ing kono.
Sira nuli bakal padha sumurup, yen Ingsun iki
Yehuwah, kang ngesokake bebenduningSun
marang sira."
23 Sawuse mangkono banjur ana
pangandikane Sang Yehuwah marang
aku mangkene: 24 "He, anaking manungsa,

sira ngandhanana mangkene: Sira iku tanah
kang ora oleh udan, ora oleh banyu ing
mangsa bebendu, 25 kang panggedhene ana
ing satengahe padha kaya singa nggero, kang
ndekep memangsane: manungsa diuntal,
raja-branane lan barang-barang kang ana
ajine dirampas, cacahing randha kang ana
ing satengahe kagawe saya wuwuh-wuwuh.
26 Para imame padha nerak angger-anggering
ToretingSun lan najisake samubarang kang
suci tumrap Ingsun; padha ora mbedakake
apa kang suci lan kang ora suci, ora mulang
bab bedane apa kang najis lan kang ora
najis; padha ngeremake mripate tumrap
dina-dinane SabatingSun. Kalawan mangkono
Ingsun kanajisake ana ing satengah-tengahe.
27 Para panggedhene ana ing satengah-
tengahe kaya asu ajag kang ngelak marang
getih padha ndekep memangsane; padha
golek kauntungan kanthi patrap kang ora
kalal, kalawan gawe rusaking wong-wong.
28 Sabanjure para nabine padha ngusar
wong-wong mau nganggo gamping, dikantheni
sumurup wahyu kang ngapusi, sarta nindakake
patenungan kang goroh tumrap wong-wong
mau; nabi iku padha pratela: Mangkene
pangandikane Sang Yehuwah Allah! -- mangka
Sang Yehuwah ora nglairake pangandika.
29 Para wong kang manggon ana ing nagara
padha daksiya lan ngrerampas, nindhes wong
sangsara lan mlarat, sarta memeres wong
manca, dadi cengkah kalawan angger-angger.
30 Ingsun ngupadi ana ing satengahe wong-

wong mau, sawijining wong kang sumedya
ngedegake tembok utawa kang ngukuhi
nagara iku ana ing ngarsaningSun, supaya
aja nganti Sunsirnakake, nanging Ingsun ora
manggih wong kang mangkono. 31 Mulane
Ingsun banjur ngesokake bebenduningSun
marang wong-wong mau, Sunsirnakake
kalawan genining dukaningSun; kalakuane
Suntampekake marang sirahe. Mangkono
pangandikane Pangeran Yehuwah."

Ohola lan Oholiba, sadulur kakang adhi

23:1-49

23 1 Tumuli ana pangandikane Sang
Yehuwah marang aku mangkene:
2 "He, anaking manungsa, ana wong wadon
loro, kang tunggal biyung. 3 Karone padha
dadi wanita tuna-susila ana ing tanah Mesir;
anggone tumindak mangkono nalika isih
enom; ana ing kana payudarane kaemek-emek
lan dhadhane kang isih prawan kaucel-ucel.
4 Kang tuwa jenenge Ohola dene kang enom
Oholiba. Loro-lorone iku kagunganingSun
lan padha nglairake anak lanang lan wadon.
Mungguh jeneng-jeneng mau, Ohola iku
yaiku Samaria, dene Oholiba iku Yerusalem.
5 Kacarita Ohola iku laku sedheng, mangka
dadi kagunganingSun. Banget anggone
kedanan marang para dhemenane, para
wong Asyur, para pahlawan perang, 6 kang
manganggo jarit wungu tuwa, para bupati
lan para kang nyekel pangwasa, kabeh

wong enom kang nggantheng, para prajurit
jejaranan. 7 Ohola laku jina karo wong-wong
mau, kabeh iku padha wong Asyur pepilihan;
dheweke najisake awake karo kabeh wong
kang padha dikedani, lan karo para brahalane.
8 Anggone laku jina wiwit saka ing tanah
Mesir iku ora diuwis-uwisi, amarga wiwit
enome wus tumindak mangkono, kaelus-elus
dhadhane kang isih prawan, lan banjur
padha ngesokake derenging napsune marang
dheweke. 9 Mulane banjur Sunulungake ing
tangane para kang didhemeni, ing tangane
wong Asyur, kang dikedani. 10 Iku padha
ngungkabi kawirangane; anake lanang lan
wadon padha dicekel, dene dheweke dhewe
banjur dipateni kalawan pedhang. Marga
saka iku jenenge tansah dadi pocapan ana
ing antarane golongan wanita, awit wus
kapatrapan paukuman.

11 Sanadyan Oholiba, adhine, nyumurupi
bab iku, ewasamono derenging asmarane
lan anggone laku nistha ngluwihi mbakyune.
12 Kasmaran marang wong Asyur, marang
para bupati lan para kang padha nyekel
pangwasa, marang para pahlawan perang
kang panganggone endah ngleluwihi, marang
prajurit jejaranan, kang isih enom kabeh
lan nggantheng-nggantheng. 13 Ingsun
nguningani anggone najisake awake;
loro-lorone kalakuane padha. 14 Malah
anggone nglakoni kanisthan diwuwuh-wuwuhi:
dheweke weruh gambar-gambar wong
lanang ukiran ana ing tembok, gambare

para wong Kasdim, kang kaukir mawa
warna abang, [15] bangkekane sinabukan,
nganggo serban mawa kloncer, kabeh katon
prawira-prawira kayadene wong Babil saka
ing Kasdim, tanah kalairane! [16] Sawuse
ndeleng iku mau, banjur kasmaran marang
wong-wong mau, nuli kongkonan marani
menyang ing tanah Kasdim. [17] Banjur ana
wong Babil kang padha teka lan sapaturon
sarta najisake Oholiba kalawan kanisthane;
bareng wus dadi najis nuli sumingkir saka
ing wong-wong mau. [18] Sarehne anggone
nglakoni kanisthan iku blak-blakan lan
ngungkabi kawirangane, mulane Sundohi
marga saka anggoningSun eneg, kayadene
anggoningSun ngedohi sadulure wadon.
[19] Anggone nglakoni kanisthan wuwuh-wuwuh
maneh kalawan kelingan marang dhek enome,
nalika tumindak nistha ana ing tanah Mesir.
[20] Mitra-mitrane kang diajak laku nistha iku
dikedani, kang kawirangane kaya kawirangane
kuldi lan dakare kaya dakar jaran. [21] Sira
kepengin marang pokalira kang rusuh nalika
enomira, nalika wong Mesir padha nguyel-uyel
dhadhanira lan ngemek-emek payudaranira
kang isih prawan.

[22] Mulane, heh Oholiba, mangkene
pangandikane Pangeran Yehuwah, sira iku
pancen wus ngedohi para bedhanganira,
nanging lah iku bakal padha Sundhawuhi
tumandang nglawan marang sira, iku
bakal padha Sunirid lumawan saka ing
sakiwa-tengenira: [23] Wong Babil lan kabeh

wong Kasdim, wong Pekod, wong Soa lan
wong Koa, lan sakehing wong Asyur padha
bebarengan, para nom-noman kang bagus,
para bupati lan para pahlawan perang,
sakehing bala jaranan. 24 Iku bakal padha
teka nglawan sira kanthi kreta lan rodha akeh
sarta kalawan bangsa-bangsa sagrombolan;
padha nata tameng gedhe lan cilik lan tuwin
topong ana ing saubengira, apa maneh bakal
padha Sunpasrahi prakara iki sarta sira bakal
diadili manut angger-anggere. 25 Bentering
panggalihingSun bakal Suntempuhake marang
sira, temah wong-wong iku padha nanduki sira
kalawan kanepsone, irung lan kupingira bakal
diperungi, sarta kekarenira bakal mati dening
pedhang. Anak-anakira lanang wadon bakal
padha dicekeli, dene kekarene bakal kamangsa
ing geni. 26 Sira bakal diblejedi lan pepasrenira
karampas. 27 Ingsun bakal marekake pokalira
kang jember lan tindakira kang nistha wiwit
saka ing tanah Mesir, satemah sira ora bakal
klirak-klirik marang wong-wong iku maneh
sarta ora bakal ngeling-eling maneh marang
wong Mesir.
28 Amarga mangkene pangandikane Pangeran
Yehuwah: Lah Ingsun bakal ngulungake sira
marang ing tangane wong kang sira sengiti,
sanadyan sira wus ngedohi wong-wong mau.
29 Iku bakal gething marang sira, kabeh
oleh-olehaning rekasanira bakal karampas
lan sira katinggal wuda mblejed, temah
kawiranganira katon. Tindakira kang jember
lan pokalira kang nistha 30 kang nekakake

iku kabeh marang sira, awit sira tumindak
nistha kalawan ngendelake para bangsa sarta
najisake awakira kalawan para brahalane.
31 Uripira iku niru kalakuane sadulurira tuwa,
mulane sira bakal Sunombeni saka ing
tuwunge. 32 Mangkene pangandikane Pangeran
Yehuwah:

Sira kudu ngombe saka ing tuwunge,
tuwung kang jero lan kang amba
cangkeme,
yaiku tuwung kang akeh isine,
sira bakal dadi guyon lan kaiwi-iwi.
33 Sira bakal kebak endem lan kasusahan.
Tuwunging pagiris kinanthen swasana sepi
iku tuwunge Samaria sadulurira.
34 Iku sira ombe saampase,
nganti tekan remukane sira krikiti sarta
sira ngruwes-ngruwes payudaranira.

Sabab Ingsun kang mangandikakake iku;
mangkono pangandikane Pangeran Yehuwah.
35 Awit saka iku mangkene pangandikane
Pangeran Yehuwah: Sarehne sira lali marang
Ingsun lan nyingkur marang Ingsun, saiki sira
dhewe kang nanggung pokalira kang jember
lan tindakira kang nistha."

36 Sang Yehuwah banjur ngandika marang
aku: "He, anaking manungsa, apa sira gelem
ngadili Ohola lan Oholiba, tuwin martani
bab tumindake kang nistha? 37 Awit wong
iku padha laku bedhang, tangane kuthah
getih, padha laku bedhang kanthi patrap
nyembah marang para brahalane minangka
pangane. 38 Kajaba saka iku padha duwe pokal

mangkene marang Ingsun; padha najisake
pasuceningSun ing dina iku, sarta padha
nerak kasucening dina-dina SabatingSun.
39 Sabanjure nalika padha nyembeleh
anak-anake kanggo para brahalane iku, ing
dina iku iya nekani pasuceningSun lan nerak
kasucene. Sanyata iki kang ditindakake ana
ing padalemaningSun. 40 Wuwuh maneh
padha nyeluk wong-wong saka ing panggonan
kang adoh kalawan nglakokake kongkonan
ngundang wong-wong mau, sarta iku, iya
banjur padha teka. Marga saka tekane mau
sira nuli adus nganti resik, alisira sira pulas
lan sira banjur nganggo pepasren. 41 Sira
lungguh ing paturon kang sarwa endah, kang
ing ngarepe ana mejane kang wus tinatanan
dhedhaharan; paturon iki sira dokoki dupa lan
lenga kagunganingSun. 42 Tumuli keprungu
swarane wong kang padha rame-rame,
padha seneng-seneng karo dheweke lan
karo para wong panunggalane wong akeh,
kawuwuhan para wong mendem saka ing
ara-ara samun. Iku padha ngetrapi gelang ing
tangane lan makuthaning kamulyan ing sirahe.
43 Ingsun banjur ngunandika: Apa kembang
kang wus alum iki isih laku jina? Wong
padha bebedhangan karo dheweke, iya karo
dheweke. 44 Wong-wong mau anggone mara
kaya patrape wong nekani wanita tunasusila.
Kaya mangkono anggone padha nekani
Ohola lan Oholiba prelu nindakake kanisthan.
45 Nanging para wong bener lan saleh bakal
ngakimi wong-wong mau kayadene wong kang

ngakimi para wong kang laku jina lan kang
ngwutahake getih, amarga wong-wong iku
padha laku jina lan tangane kuthah getih.”
[46] Awit pangandikane Pangeran Yehuwah
mangkene: “Cikben ana wong sagolongan
kang nglawan marang wong-wong mau,
cikben padha disiya-siya lan dijarah-rayah.
[47] Bakal padha dibenturi watu dening wong
sagolongan mau tuwin dipateni kalawan
pedhange, lan omahe padha diobong nganti
entek. [48] Ingsun bakal nguwisi tindak nistha
ing tanah kono sarta para wong wadon
bakal migatekakake pepenget iku lan ora bakal
nindakake kanisthan maneh kaya kang padha
sira lakoni. [49] Lakunira kang nistha iku bakal
katampekakake marang sira tuwin sira kudu
padha nanggung dosa-dosanira, amarga sira
padha nyembah para brahala. Ing kono sira
bakal sumurup, yen Ingsun iki Pangeran
Yehuwah.”

Pasemon bab kenceng kang nai

24:1-14

24 [1] Nalika ing taun kang kasanga,
tanggal ping sapuluh sasi sapuluh
ana pangandikane Sang Yehuwah marang
aku mangkene: [2] “He, anaking manungsa,
cathetana tanggale dina iki, iya tanggale
dina iki. Ing dina iki uga ratu ing Babil wiwit
nempuh Yerusalem. [3] Jinis kang wangkot iki
sira kandhanana kalawan pasemon mangkene:
Pangandikane Pangeran Yehuwah mangkene:

Kencenge tumpangna ing geni, tumpangna
banjur isenana banyu,
4 nuli cemplungana tengkelan daging,
kabeh tengkelan kang becik, pupune lan
gegere;
kebakana balung-balung pilihan.
5 Njupuka wedhuse kang pilihan,
lan ing sangisore tumpukana kayu,
olah-olahan iku cikben umob
balung-balung supaya uga dadi empuk ana
ing njerone.
6 Awit saka iku pangandikane Pangeran
Yehuwah mangkene: Bilai kutha kang kebak
utang getih, kenceng kang nai ing jerone lan
kang reregede ora ilang! Tengkelan-tengkelan
mau entasen siji-siji ora usah ndadak
milih-milih. 7 Amarga getih kang kailekake isih
ana ing tengahe; anggone ngwutahake ana ing
gunung parang kang gundhul. Ora kaesokake
ing lemah, dimen kurugan ing lebu.
8 Mulane marga saka tuwuhing bebendu lan
thukuling raos karsa ndhawahake piwales,
Ingsun bakal ngwutahake getihe dhewe ing
gunung parang kang gundhul supaya aja
nganti ketutupan. 9 Mulane pangandikane
Pangeran Yehuwah mangkene: "Bilai kutha
kang kebak utang getih! Pawone bakal
Sungedhekake. 10 Kayune tumpukana
kang akeh, urubna genine, daginge dimen
mateng temenan, duduhe buwangen, cikben
balung-balunge padha gosong. 11 Kenceng
kang kothong iku engkrengna ing geni mawa,
supaya panas lan tembagane mengangah,

satemah reregede ing jero sirna lan taiyenge
ilang. 12 Nanging rekasaningSun iku tanpa
guna, sabab taiyenge kang kandel iku ora
gelem ilang, sanadyan ana ing sajroning geni.
13 Ing sarehne sira najisake awakira kalawan
kanisthanira sarta Ingsun karsa ngresikake
sira, nanging sira ora dadi resik, mulane sira
ora bakal karesikan maneh, nganti Ingsun
wus ngesokake dukaningSun marang sira.
14 Ingsun Yehuwah, kang mangandikakake iku.
Iku mesthi bakal kelakon sarta Ingsun kang
bakal nandukake. Ingsun ora bakal mundur
lan ora bakal ngraos mesakake sarta ora
bakal keduwung. Sira bakal Sunadili manut
panggawenira, mangkono pangandikane
Pangeran Yehuwah."

Sedane garwane Nabi Yeheskiel dadi pralambang bab ambruke Yerusalem

24:15-27

15 Sawuse mangkono tumuli ana
pangandikane Sang Yehuwah marang
aku mangkene: 16 "He, anaking manungsa,
lah Ingsun bakal mundhut saka ing sira kang
banget sira tresnani kalawan lara dadakan,
nanging sira aja ngadhuh-adhuh utawa nangis
sarta aja ngruntuhake eluh. 17 Anggonira
ngesah aja nganti nywara, aja nganakake
patangisan kepaten; ubedna serbanira lan
nganggoa trumpahira, aja nutupi rainira lan
aja mangan roti palayadan." 18 Esuke aku
rembugan karo bangsa iku, sorene bojoku

tinggal donya. Esuke ing dina candhake aku
nglakoni apa kang kadhawuhake marang
aku. [19] Bangsa iku banjur celathu marang
aku: “Punapa panjenengan boten karsa
paring sumerep dhateng kula, punapa
tegesipun punika tumrap kula sadaya, dene
panjenengan kok tumindak makaten?”
[20] Banjur padha dakwangsuli mangkene:
“Sang Yehuwah wus ngandika marang
aku: [21] Kandhaa marang turune Israel:
Mangkene pangandikane Pangeran Yehuwah:
Satemen-temene Ingsun bakal najisake
papan pasuceningSun, kang dadi kaluhurane
pangwasanira, kasenengane mripatira lan
nyawanira; sarta anak-anakira lanang lan
wadon kang padha sira tinggal iku bakal
padha mati dening pedhang. [22] Ing kono kowe
bakal padha nglakoni apa kang daktindakake:
Raimu bakal ora padha koktutupi, lan kowe
ora bakal padha mangan roti palayadan.
[23] Sirahmu bakal padha kokenggoni serban
lan sikilmu bakal kokenggoni trumpah; tuwin
kowe ora bakal padha ngadhuh-adhuh utawa
nangis. Nanging kowe bakal padha lebur ing
sajroning paukumanmu lan kowe bakal padha
genten ngesah. [24] Kaya mangkono Yeheskiel
bakal dadi gegambaran tumrap sira kabeh.
Sira bakal padha nglakoni trep karo kang
katindakake. Manawa iku wus kelakon, sira
bakal padha sumurup, yen Ingsun iki Pangeran
Yehuwah.

[25] Anadene sira, he, anaking manungsa, apa
ora mangkene kang bakal kelakon iku? Ing dina

anggoningSun mundhut betenge, pepasrene,
kang nyenengake atine, kasenenganing
mripate lan kang kaangen-angen dening
nyawane, anak-anake lanang lan wadon, 26 ing
dina iku uga bakal ana wong kang bisa oncat,
kang teka nggawa pawarta marang sira. 27 Ing
dina iku cangkemira bakal kabukak lan sira
bakal caturan karo wong kang oncat mau sarta
banjur ora lestari bisu. mangkono anggonira
dadi pralambang tumrap para wong mau tuwin
iku banjur padha sumurup, manawa Ingsun iki
Yehuwah."

BAB 25-32 PAMECA-PAMECA KANG NGLAWAN PARA BANGSA

Pameca nglawan bani Amon

25:1-7

25 1 Aku kaparingan pangandika dening
Sang Yehuwah mangkene: 2 "He,
anaking manungsa, sira ngadega madhep
ngener marang bani Amon lan medhara
wangsit nglawan bangsa iku! 3 Kandhaa
marang bani Amon: Rungokna pangandikane
Pangeran Yehuwah: Mangkene pangandikane
Pangeran Yehuwah: Sarehne sira ngucap
kalawan sora: Sokur! Tumrap papan
pasuceningSun, nalika kasucene dilanggar, lan
tumrap tanah Israel, nalika kadadekake sepi
mamring, sarta tumrap turune Yehuda, nalika
kudu lunga menyang ing pambuwangan,
4 mulane lah Ingsun masrahake sira marang

wong saka ing sisih wetan supaya dadi
darbeke; iku bakal padha ngedegake tarube
ana ing panggonanira lan mbangun papan
padunungane; bakal mangan wowohanira
tuwin ngombe susuning raja-kayanira. 5 Raba
bakal Sundadekake pangonan unta sarta
kutha-kuthane bani Amon Sundadekake
plegunganing wedhus, tuwin sira bakal
sumurup yen Ingsun iki Yehuwah.
6 Amarga mangkene pangandikane Pangeran
Yehuwah: Ing sarehne sira keplok-keplok lan
gedrug-gedrug sarta bungah ing sajroning
atimu awit saka sangsaraning tanah Israel,
7 marga saka iku, lah Ingsun bakal ngagakake
astaningSun nglawan sira lan sira bakal
Sunpasrahake dadi jarahan marang suku-
suku bangsa tuwin Sunsirnakake saka ing
satengahing para bangsa sarta Sunbengkas
saka ing antarane nagara-nagara; sira bakal
Sunmusnakake. Ing kono sira bakal sumurup
manawa Ingsun iki Yehuwah."

Pameca nglawan Moab

25:8-11

8 Pangandikane Pangeran Yehuwah
mangkene: "Ing sarehne Moab celathu: Lah
turune Yehuda iku padha karo sakehing bangsa
liya, 9 awit saka iku, lah tanahe pagunungan
Moab bakal Sunblakake temah kutha-kuthane
bakal ambruk, iya kutha-kuthane, ora ana
kang ora, yaiku kang dadi rerengganing nagara
iku: Bet-Yesimot, Baal-Meon lan Kiryataim.

10 Iku bakal Sunpasrahake marang wong saka sisih wetan dadi duweke bebarengan karo bani Amon, supaya bani Amon ora dieling-eling maneh ana ing antarane para bangsa.
11 Ingsun bakal ndhawahake paukuman marang Moab, temah bakal padha sumurup manawa Ingsun iki Yehuwah.”

Pameca nglawan wong Edom

25:12-14

12 Mangkene pangandikane Pangeran Yehuwah: “Ing sarehne Edom wus nandukake pamales ala marang turune Yehuda lan tumindak luput kang banget yaiku anggone nandukake pamales marang turune Yehuda
iku. 13 Mulane mangkene pangandikane Pangeran Yehuwah: Ingsun bakal ngagagake astaningSun nglawan Edom, manungsane lan kewane bakal Sunsirnakake saka ing kono sarta Edom bakal Sundadekake reruntuhan; wiwit saka ing Teman nganti tekan ing Dedan wonge bakal padha mati dening pedhang.
14 Ingsun bakal nandukake pamalesingSun marang Edom kalawan ngagem tanganing umatingSun Israel. Iku bakal nandukake marang Edom, salaras karo dedukaningSun lan bebenduningSun, tuwin Edom bakal ngrasakake pamalesingSun. Mangkono pangandikane Pangeran Yehuwah.”

Pameca nglawan wong Filisti

25:15-17

15 Pangandikane Pangeran Yehuwah
mangkene: “Ing sarehne wong Filisti wus
nandukake pamales ala lan bungah marga
saka sangsarane Israel, tuwin nandukake
pamales kalawan patrap memateni marga saka
ananing rasa memungsuhan turun-tumurun,
16 mulane mangkene pangandikane Pangeran
Yehuwah: Lah Ingsun bakal ngagagake
astaningSun nglawan wong Filisti lan bakal
nyirnakake wong Kreta sarta mbengkas
bangsa liya-liyane kang ana ing pinggiring
sagara. 17 Ingsun bakal nandukake pamales
kang nggegirisi marang bangsa-bangsa iku
sarta Sundhawahi paukuman marga saka
dukaningSun, satemah bakal padha sumurup,
manawa Ingsun iki Yehuwah, ing nalikane
Ingsun nandukake pamalesingSun marang
wong-wong mau.”

Pameca nglawan Tirus

26:1-21

26 1 Ing nalika taun kang kaping sawelas,
tanggal sapisan ing sasi kang lumaku,
ana pangandikane Sang Yehuwah marang
aku mangkene: 2 “He, anaking manungsa,
ing sarehne Tirus celathu bab Yerusalem
mangkene: Sokur! Wus rusak gapurane
bangsa-bangsa iku; mengane marep mrene,

satemah aku bakal dadi kebak, nanging iku
wus dadi reruntuhan. 3 Mulane mangkene
pangandikane Pangeran Yehuwah: Lah Ingsun
dadi mungsuhira, he Tirus. Ingsun bakal
nimbali bangsa akeh, supaya padha nglawan
sira, nganti kaya samodra kang metokake
alun. 4 Iku bakal nyirnakake tembok-temboke
Tirus lan ngrubuhake panggung-panggunge,
lebuning tanahe bakal Sunbuwangi nganti
resik tuwin Tirus bakal Sundadekake gunung
parang kang gundhul. 5 Iku bakal dadi papan
kanggo ngepe jala ana ing tengah samodra,
awit Ingsun kang mangandikakake iku,
mangkono pangandikane Pangeran Yehuwah,
iku bakal dadi jarahaning para bangsa.
6 Anak-anake wadon kang ana ing dharatan
bakal dipateni kalawan pedhang, satemah
banjur padha sumurup, manawa Ingsun iki
Yehuwah.

7 Amarga mangkene pangandikane
Pangeran Yehuwah: Lah Ingsun nimbali Raja
Nebukadnezar saka ing lor, ratu ing Babil,
ratuning sakehe ratu, supaya nglawan Tirus
kalawan nggawa jaran, kareta, prajurit jaranan
lan wadya-bala sagelengan gedhe. 8 Anak-
anakira wadon kang ana ing dharatan bakal
dipateni kalawan pedhang; Nebukadnezar
bakal gawe tembok pangepungan lan
nganakake piranti panjebol sarta masang
tameng nglawan sira. 9 Totog-totog piranti
panjebol bakal ditatabake marang tembok-
tembokira, tuwin panggung-panggungira bakal
karubuhake sarana linggise. 10 Saka akehe

jaran nganti sira bakal kalimputan ing bledug;
marga saka gumredege lakune prajurit jaranan
lan kumrasake swarane rodhaning karetane
tembok-tembokira bakal kedher, manawa
dheweke lumebu ing gapuranira kayadene
wong kang lumebu ing kutha kang wus bedhah
marga saka wus kajebol. [11] Dalan-dalanira
kabeh bakal kaidak-idak ing sikile jaran;
rakyatira bakal kapatenan kalawan pedhang
sarta tugu-tugu kang dadi andel-andelira
bakal karubuhake ing lemah. [12] Kasugihanira
bakal karampas, barang-barang daganganira
bakal dijarah-rayah; tembok-tembokira bakal
dirubuhake sarta omah-omahira kang endah
bakal kaebrukake; watunira, kayunira lan
tanahira bakal kacemplungake ing banyu.
[13] Ramening kekidunganira bakal Sunuwisi lan
swaraning clempungira bakal ora keprungu
maneh. [14] Sira bakal Sundadekake gunung
parang kang gundhul, satemah sira bakal
dadi panggonan kanggo ngepe jala, sarta
sira ora bakal kabangun maneh, awit Ingsun,
Yehuwah kang ngandika mangkono. Mangkono
pangandikane Pangeran Yehuwah.
[15] Mangkene pangandikane Pangeran
Yehuwah marang Tirus: Apa dhaerah pesisir
ora bakal gumeter krungu gumebruging
rubuhira, manawa wong-wong kang ketaton
padha pating gluruh, marga saka akehe wong
kang dipateni ana ing tengahira? [16] Sakehing
ratu ing pinggiring samodra bakal seleh
keprabon lan nyingkirake jubah-jubahing
karajane lan nyelehake sandhangane kang

manca warna; bakal kalimputan ing rasa
gumeter sarta bakal padha nglosod ana ing
lemah; bakal tansah gumeter tuwin kaget
sumurup sira. 17 Sabanjure bakal padha
ngrepekake kidung pangadhuh tumrap sira
sarta bakal celathu marang sira:
He, kutha kang pinuji, kapriye kowe iku,
dene nganti ilang saka ing samodra,
kutha kang kwasa ana ing sagara,
kowe karo para pendhudhukmu,
kang nukulake rasa giris
marang para pendhudhuk ing dharatan?
18 Saiki, dhaerah pesisir gumeter
ing nalika ambrukmu,
dhaerah pesisir kang ana ing pinggir sagara
padha horeg krungu bab wekasanmu.
19 Awit mangkene pangandikane Pangeran
Yehuwah: Ing nalika Ingsun ndadekake sira
dadi kutha reruntuhan, dadi kaya kutha kang
ora ana pendhudhuke maneh, manawa Ingsun
ndadekake robing samodra ngelebi sira lan
banyuning banjir nutupi sira, 20 Ingsun bakal
ngudhunake sira, supaya sira bebarengan
karo para wong kang tumurun menyang ing
luwangan kuburan, menyang ing panggonane
bangsa dhek jaman kuna, sarta Ingsun bakal
mapanake sira ana ing bumi kang ngisor
dhewe kayadene reruntuhan ing jaman kuna,
bebarengan karo para wong kang tumurun
menyang ing luwangan kuburan, supaya
sira aja dienggoni ing wong maneh, lan aja
jumedhul maneh ana ing tanahe wong urip.
21 Wekasane uripira Suntemtokake bakal

nggegirisi lan sira ora bakal tinemu maneh
ing salawas-lawase. Mangkono pangandikane
Pangeran Yehuwah.”

Kidung pangadhuh tumrap Tirus

27:1-36

27 1 Ana pangandikane Sang Yehuwah
marang aku mangkene: 2 “He, sira
anake manungsa, ngucapna pangadhuh
tumrap Tirus, 3 lan kandhaa marang Tirus,
kang dumunung ing dalan kang anjog ing
samodra lan kang laku dagang karo para
bangsa ing dhaerah-dhaerah pesisir kang
akeh: Mangkene pangandikane Pangeran
Yehuwah:

He Tirus, sira celathu:
aku iki kapal kang endahing endah.
4 Wilayahira ing tengah samodra;
ahli bangunanira gawe kaendahanira
kanthi sampurna.
5 Badanira sakojur
kang digawe kayu beros ing Senir,
ahli-ahli mau njupuk kayu eres ing gunung
Libanon
kagawe cagaking layarira.
6 Wit gedhe saka ing Basan
kanggo gawe dhayungira;
gladhagira kang digawe gadhing
winengku ing kayu cemara saka ing pesisir
Kitim.
7 Layarira kang digawe
lena alus

kang manca warna
saka ing tanah Mesir;
iku dadi tetengerira.
Dene tendhanira kang digawe
kain wungu tuwa
lan kain wungu enom
saka ing pesisir Elisa.
8 Wong Sidon lan wong Arwad
kang dadi pandhayungira;
tukang-tukangira, he Tirus, padha dumunung ana ing sira,
iku padha dadi matrusira.
9 Para pinituwa lan ahli-ahli ing Gebal padha dumunung ana ing sira
arep ndandani karusakanira.
kabeh kapal laut dalah para punggawane padha labuh ana ing sira
arep ngijolake barang dedagangane.
10 Wong Parsi, Lud lan Put,
kang padha dadi prajuritira
ana ing antarane wadya-balanira.
Tameng lan topong dicanthelake ana ing sira;
iku kabeh muwuhi kamulyanira.
11 Wong Arwad dalah wadya-balane padha
menek ing tembok-tembokira mubeng
lan wong Gamad padha menek ing
panggung-panggungira; padha nyanthelake
tameng-tamenge ana ing tembok-tembokira
mubeng, iku padha njalari sampurnaning
kaendahanira.
12 Tarsis dedagangan kalawan sira awit saka
akehe lan warna-warnaning barang dagangan;

padha ngijolake salaka, wesi, timah putih lan
timah ireng karo barang-barangira. [13] Yawan,
Tubal lan Mesekh padha dedagangan kalawan
sira; iku padha ngijolake batur tukon, barang
saka tembaga karo barang daganganira.
[14] Wong-wong ing Bet-Togarma ngijolake
jaran kreta, jaran tunggangan sarta bihal
karo barang-barangira. [15] Wong Rodhus
dedagangan karo sira; dhaerah pesisir akeh
kang dadi dhaerah pasaranira; iku padha
nggawa gadhing lan kayu ireng minangka
urup-urupan. [16] Edom dedagangan karo sira,
marga saka akehe pametunira; iku padha
ngijolake sesotya mirah, kain wungu enom,
sandhangan manca warna, kain lena alus,
mutiara lan sesotya dlima, diijolake karo
barang-barangira. [17] Yuda lan tanah Israel
dedagangan karo sira; iku padha ngijolake
gandum saka Minit, blendok mur, madu,
lenga lan balsem dilirokake karo barang
daganganira. [18] Damsyik dedagangan karo sira
marga saka akehe pametunira, marga saka
akehe barangira kang warna-warna. Anggur
saka Khelbon, wulu wedhus saka Sakhar,
[19] lan anggur diijolake barang-barangira; wesi
kang wus digembleng saka ing Uzal, kayu
teja lan tebu tinemu ana ing antarane barang
daganganira. [20] Dedan dedagangan kalawan
sira ing bab lulang kanggo lapak jaran. [21] Arab
lan kabeh panggedhening Kedar dedagangan
kalawan sira ing bab cempe, wedhus gembel
lanang lan wedhus jawa lanang; yaiku kang
kanggo dedagangan kalawan sira. [22] Para

sudagar ing Syeba lan ing Raema padha
dedagangan kalawan sira; iku padha ngijolake
sakehe bumbu-bumbu kang apik dhewe,
sakehe sesotya kang larang-larang lan emas,
dilirokake karo barang-barangira. 23 Haran,
Kane, Eden, Asyur lan Kilmad dedagangan
karo sira. 24 Iku padha dedagangan ana ing
pasar-pasarira ing bab jubah kang luwih
dening endah, kain wungu tuwa, sandhangan
kang manca warna, babut kang manca warna
lan tali plintiran kang kuwat. 25 Kapal-kapal
Tarsis padha nggawa barang dagangan iki
kanggo sira.

Sira kebak momotan kang abot
ana ing tengah samodra.
26 Sira kagawa dening para pendhayungira
menyang ing samodra kang ngilak-ilak.
Nanging ana ing tengah samodra iku sira
tinempuh ing prahara saka wetan.
27 Raja-darbekira, barangira, daganganira,
punggawaning kapalira lan matrusira
para tukangira lan para langgananira
dalasan kabeh prajuritira kang ana ing
sira,
malah kabeh kang padha nunggang,
padha kleleb ana ing samodra ing nalika
sira ambles.
28 Krungu panjeriting para matrusira iku
tanah dharatan gumeter.
29 Wong kabeh padha ninggal kapal-kapale,
kabeh kang padha ngolahake dhayung.
Kabeh punggawa kapal lan para matrus
padha lumayu menyang ing dharatan.

30 Pangadhuh seru, panjerit ngaru-ara
keprungu ing sira;
padha nguwur-uwuri awu sirahe,
padha gulung ana ing lebu.
31 Padha gundhul, marga saka sira
lan padha nganggo bagor;
padha nangis, atine ora karu-karuwan marga saka sira
pangadhuh kang banget.
32 Sajrone ngadhuh-adhuh marga saka sira
padha nangis asesambat:
Sapa kang kaya Tirus kang wus kasirnakake
ana ing tengahing samodra iku.
33 Satekane barangira saka ing sagara
sira gawe wareging bangsa akeh,
kalawan raja-darbekira lan daganganira kang akeh,
sira nyugihake para raja ing donya.
34 Saiki sira dirusak lan disirnakake
saka ing sagara lan ambles marang ing dhasaring samodra;
daganganira lan kabeh wongira kang padha nunggang
ambles bareng kalawan sira.
35 Wong pesisir kaget kabeh nyumurupi sira;
para rajane padha gumeter, raine nyureng.
36 Bangsa-bangsa kang padha dedagangan, ngeses-ngeses ing bab sira,
wekasaning uripira nggegirisi
lan sira sirna ing salawas-lawase.”

Pameca nglawan raja ing Tirus

28:1-10

28 [1] Banjur ana pangandikane Sang
Yehuwah marang aku mangkene: [2] “He,
anaking manungsa, raja ing Tirus kandhanana:
Pangandikanipun Pangeran Yehuwah makaten:
Ing sarehne sira dadi gumunggung
lan celathu: Aku iki Allah!
Aku lungguh ing dhamparing Allah,
ana ing tengahing samodra.
Mangka sira iku manungsa,
dudu Allah,
sanadyan atinira rumangsa
padha karo Allah.
[3] Kawicaksananira pancen ngungkuli
kawicaksanane Dhaniel;
ora ana barang kang samar kang ora sira
sumurupi.
[4] Marga saka wicaksananira lan pangretenira
sira oleh kasugihan.
Emas lan salaka sira klumpukake
ing gedhong raja-brananira.
[5] Marga saka bangeting pinterira dedagangan
kasugihanira dadi akeh
lan iku njalari sira banjur gumunggung.
[6] Milanipun pangandikanipun Pangeran
Yehuwah makaten:
Sarehne atinira rumangsa padha karo
Gusti Allah,
[7] mulane, lah Ingsun nimbali wong manca
supaya nglawan marang sira,

yaiku bangsa kang ambek siya dhewe,
kang bakal ngunus pedhange,
banjur merangi kawicaksananira kang pinuji iku
lan kamulyanira bakal dinajisake.
8 Sira kang pinatenan
ana ing tengahing samodra
bakal diudhunake marang ing luwangan kuburan.
9 Apa sira isih bakal celathu
ana ing ngarepe kang mateni sira,
ana ing tangane kang nuwek sira:
Aku iki Allah?
Mangka sira iku manungsa, dudu Allah.
10 Sira bakal mati dening wong manca
kayadene wong kang ora tetak.
Sabab Ingsun kang mangandikakake iku, makaten pangandikanipun Pangeran Yehuwah.”

Kidung pangadhuh tumrap raja ing Tirus

28:11-19

11 Nuli ana pangandikane Sang Yehuwah
marang aku mangkene: 12 “He, anaking
manungsa, sira nglairna pangadhuh tumrap
raja ing Tirus lan tuturana mangkene: Makaten
pangandikanipun Pangeran Yehuwah:
Sira iku gambaring kasampurnan,
kebak kawicaksanan lan endahing endah.
13 Sira iku ana ing patamanan Eden, yaiku patamananing Allah

kang kebak ing sarupaning sesotya kang
akeh ajine:
jaspis abang, krisolit lan yaspis ijo,
sesotya pirus, krisopras lan nefrit,
lazurit, sesotya mirah lan malakit.
Embanane kang kagawe emas
lan iku dicawisake ing dina sira katitahake.
14 Sira Sunpapanake cedhak lan kerub kang
rumeksa
sira iku ana ing gununging Allah kang suci
lan mlaku-mlaku ana ing satengahing
sesotya
kang mencorong.
15 Tindak-tandukira tanpa cacad
wiwit ing dina sira katitahake
nganti sira tinemu nglakoni duraka.
16 Sarehne sira dagang gedhe
sira banjur atindak keras lan gawe dosa.
Mulane sira tumuli Sunbuwang
saka ing gununging Allah,
sarta kerub kang rumeksa
banjur nyirnakake sira
saka ing satengahe sesotya kang
mencorong.
17 Sira gumunggung marga saka endahing
warnanira,
kawicaksananira sira sirnakake demi
kamulyanira.
Mulane sira Sunbuwang marang ing bumi,
Sunpasrahake marang para raja
dadi tontonan ana ing ngarepe.
18 Marga saka akehe kesalahanira
lan kaculikanira ing sajroning laku dagang

sira nerak kasucening pasucenira.
Awit saka iku Ingsun bakal ngurubake geni
saka ing tengahira,
kang bakal mangsa sira nganti entek.
Sira Sunetogake, dadi awu ana ing bumi
ana ing ngarepe kabeh kang ndeleng sira.
19 Kabeh wong ing antarane para bangsa
kang wanuh marang sira
padha kaget nyumurupi kaananira.
Wekasaning uripira nukulake pagiris
tuwin sira sirna ing salawas-lawase."

Pameca nglawan Sidon

28:20-26

20 Banjur ana pangandikane Sang Yehuwah
marang aku mangkene: 21 "He, anaking
manungsa, sira ngadega madhep ngener
marang Sidon lan medhara wangsit nglawan
marang nagara iku sarta kandhanana:
22 Mangkene pangandikane Pangeran
Yehuwah: Lah Ingsun dadi mungsuhira,
he, Sidon, tuwin Ingsun ngatingalake
kamulyaningSun ana ing tengah-tengahira.
Apadene wong-wong bakal sumurup, yen
Ingsun iki Yehuwah, samangsa Ingsun
ndhawahake paukuman marang Sidon lan
nedahake kasuceningSun marang dheweke.
23 Ingsun bakal ndhatengake pageblug ana
ing Sidon tuwin getih bakal wutah ana ing
dalan-dalane sarta wong-wong bakal ambruk
mati ana ing satengahe, marga kena ing
pedhang kang teka saka ing sakubenge kang

nglawan marang dheweke. Temah wong-wong
bakal sumurup manawa Ingsun iki Yehuwah.
24 Apadene turune Israel ora bakal padha
karemehake maneh dening wong saka ing
sakiwa-tengene kabeh, kang dadi eri kang
nyubles utawa sujen kang nglarani. Ing kono
wong-wong bakal sumurup, manawa Ingsun
iki Pangeran Yehuwah.
25 Mangkene pangandikane Pangeran
Yehuwah: Ing nalikane Ingsun nglumpukake
turune Israel saka ing satengahe suku-
suku bangsa, kang padha diparani rikala
kabuyarake tuwin Suntedahi kasuceningSun
ana ing ngarepe para bangsa, banjur bakal
padha manggon ana ing tanahe kang wus
Sunparingake marang abdiningSun Yakub.
26 Anggone manggon ana ing kono bakal
kalawan tentrem; bakal padha mbangun omah
lan gawe kebon anggur. Malah padha manggon
kalawan ayem tentrem ing nalikane Ingsun
ndhawahake paukuman marang sakehing
tanggane kang padha ngremehake. Ing kono
banjur bakal padha sumurup, manawa Ingsun
iki Yehuwah Allahe."

Pameca nglawan Mesir lan Sang Prabu Pringon

29:1-16

29 1 Ing taun kang kaping sapuluh,
tanggal rolas ing sasi kasapuluh ana
pangandikane Sang Yehuwah marang aku
mangkene: 2 "He, anaking manungsa, sira

ngadega madhep ngener marang Pringon, raja
Mesir lan nglairna pameca nglawan ratu iku lan
saindenging tanah Mesir. 3 Sira celathua lan
tutura: Pangandikanipun Pangeran Yehuwah
makaten:
Lah Ingsun dadi mungsuhira, he, Pringon,
raja Mesir, baya gedhe kang ngglongsor
ana ing satengahe cawangan-cawanganing
bengawanira, yaiku bengawan Nil sarta kang
celathu: Bengawan Nil iku kagunganingsun,
ingsun kang gawe. 4 Uwangira bakal
Sunetrapi ganthol, iwak-iwak ing cawanganing
bengawanira Nil bakal Sunkraketake ing
sisikira. Sira dalah iwak kang padha kraket
ing sisikira bakal Sunsendhal metu saka
ing satengahe cawanganing bengawanira
5 tuwin sira bakal Sununcalake marang ing
ara-ara samun, sira dalah sakehing iwak
ing cawanganing bengawanira. Sira bakal
tiba ing ara-ara lan ora bakal dikukup utawa
dikubur. Sira bakal Sunpakakake kewan alasan
lan manuk ing awang-awang. 6 Ing kono
kabeh pendhudhuk Mesir bakal sumurup,
manawa Ingsun iki Yehuwah. Awitdene sira iku
upamane teken pring kanggo turuning Israel:
7 ing nalika padha nyekel sira kalawan tangan,
sira banjur putung lan natoni pundhake wong
mau kabeh; lan nalika padha sendhen marang
sira, sira nuli putung sarta wong-wong mau
banjur padha gloyoran kabeh. 8 Milanipun
makaten pangandikanipun Pangeran Yehuwah:
Lah Ingsun bakal ndhatengake pedhang kang
nglawan marang sira, tuwin kang nyirnakake

manungsa lan kewan kang ana ing sira,
9 satemah tanah Mesir banjur dadi sepi
mamring lan dadi reruntuhan. Ing kono banjur
padha sumurup, manawa Ingsun iki Yehuwah.
Ing sarehne sira celathu: Bengawan Nil iku
ingsun kang kagungan, ingsun kang gawe,
10 mulane lah Ingsun dadi mungsuhira lan
mungsuhe cawanganing bengawanira sarta
tanah Mesir bakal Sundadekake reruntuhan
lan sepi mamring wiwit saka ing Migdol
nganti tekan ing Siene, malah nganti tekan
ing tapel-watese tanah Etiopia. 11 Ora ana
wong siji-sijia kang bakal liwat ing kono,
malah kewan siji wae iya ora, sarta tanah
iku bakal ora dienggoni lawase patang puluh
taun. 12 Tanah Mesir bakal Sundadekake sepi
mamring ana ing satengahe nagara-nagara
kang wus kamusnakake lan kutha-kuthane
bakal sepi mamring ana ing satengahe kutha-
kutha kang wus kagempur lawase patang
puluh taun. Wong Mesir bakal Sunbuyarake
ana ing antarane para bangsa lan Sunsebar,
marang ing sakehing nagara.

13 Amargi makaten pangandikanipun
Pangeran Yehuwah: Ing wekasane patang
puluh taun mau para wong Mesir kang
sumebar ana ing satengahe para bangsa iku
bakal Sunklumpukake. 14 Tuwin kaanane tanah
Mesir bakal Sunpulihake sarta wong-wong mau
bakal Sunbalekakake marang tanah Patros, yaiku
tanah asale; ana ing kana bakal dadi karajan
kang ringkih. 15 Dadi karajan kang ringkih
dhewe ana ing antarane karajan-karajan

liyane lan ora bakal bisa ngunggulake awake
maneh ngungkuli bangsa-bangsa liya. Bakal
Sundadekake ringkih banget, satemah ora
bakal bisa ngereh bangsa-bangsa maneh.
16 Lan ora bakal dadi andel-andele turune
Israel maneh, kang ngelingake marang
kaluputane Israel, manawa Israel marani
lan njaluk tulung mrono. Ing kono Mesir
bakal sumurup, manawa Ingsun iki Pangeran
Yehuwah."

Mesir dadi pituwase Sang Prabu Nebukadnezar

29:17-21

17 Tumuli ing taun kang kaping pitulikur,
tanggal siji sasi siji, ana pangandikane Sang
Yehuwah marang aku mangkene: 18 "He,
anaking manungsa, Nebukadnezar raja Babil,
akon marang wadya-balane supaya padha
ngepeng anggone nglawan Tirus; sakehing
sirah wus gundhul lan sakehe pundhak
wus padha babak, ewadene raja iku sarta
wadya-balane ora oleh kauntungan saka ing
Tirus ing bab anggone mbudidaya nglawan
Tirus mau. 19 Mulane mangkene pangandikane
Pangeran Yehuwah: Ingsun maringake tanah
Mesir marang Nebukadnezar, raja Babil lan
iku bakal ngangkut kasugihane; tuwin bakal
ngrerampas lan njejarah lan iki minangka
pituwase wadya-balane. 20 Nebukadnezar
bakal Sunparingi tanah Mesir minangka
ganjaran tumrap apa kang wus dilakoni,

sabab wus tumindak ing gawe kagem Ingsun.
Mangkono pangandikane Pangeran Yehuwah.
21 Ing dina iku Ingsun bakal nukulake sungu
kanggo turune Israel lan ndadosake sira
banjur bisa caturan maneh ana ing satengahe
wong-wong mau. Ing kono nuli bakal padha
sumurup, manawa Ingsun iki Yehuwah."

Paukumane Sang Yehuwah marang Mesir

30:1-19

30 1 Ana pangandikane Sang Yehuwah
marang aku mangkene: 2 "He, anaking
manungsa, sira medhara wangsit lan pratelaa:
Pangeran Yehuwah ngandika mangkene:
Padha nangisa lan ngucapa: Adhuh, dina iku!
3 Dina iku wus cedhak, dinane Sang Yehuwah
wus cedhak, dina mendhung kang peteng;
iku dinane para bangsa. 4 Pedhang nekani
Mesir lan Etiopia bakal gumeter ing nalikane
wong-wong padha ambruk pinatenan ana ing
Mesir tuwin kasugihane digawa mlayu sarta
pandhemen-pandhemene padha kabongkar.
5 Wong Etiopia, Put, Lud, wong ing saidenging
tanah Arab, wong Libia sarta para wong saka
ing nagara kang sekuthon karo bangsa-bangsa
iku bakal padha ambruk mati dening pedhang
bebarengan.
6 Mangkene pangandikane Sang Yehuwah:
Para wong kang padha mbiyantu Mesir bakal
ambruk mati, tuwin kumlungkunge Mesir
kang awit saka kakuwatane bakal sirna. Wiwit
saka ing Migdol nganti tumeka ing Siene

wong-wong bakal mati dening pedhang.
Mangkono pangandikane Pangeran Yehuwah.
7 Mesir bakal kasirnakake ana ing satengahe
nagara kang wus padha sepi mamring lan
kutha-kuthane bakal kagolong kutha kang
wus padha rusak. 8 Ing kono wong-wong bakal
padha sumurup, manawa Ingsun iki Yehuwah,
yaiku ing nalikane Ingsun nganakake geni
ana ing Mesir satemah sakehing wong kang
mbiyantu padha sirna. 9 Ing dina iku para
utusaningSun bakal padha mangkat kalawan
rerikatan prelu banjur gawe kagete Etiopia
kang lagi seneng-seneng, temahan bakal
padha gumeter ing dina tumibane paukuman
tumrap Mesir; amarga iku nyata-nyata bakal
kelakon.

10 Mangkene pangandikane Pangeran
Yehuwah: Ingsun bakal ngicali kasugihane
Mesir lumantar Nebukadnezar, raja ing Babil.
11 Panjenengane kalawan wadya-balane; yaiku
umat kang ambek siya dhewe ing antarane
para bangsa, bakal nyirnakake tanah iku
lan bakal ngunus pedhang nglawan Mesir
sarta bakal padha ngebaki tanah iku kalawan
wong kang padha dipateni. 12 Ingsun bakal
ngasatake cawanganing bengawan Nil sarta
bakal masrahake tanah iku marang ing
tangane wong ala, apadene bakal nyirnakake
tanah iku dalah saisine lumantar bangsa liyan.
Ingsun, Yehuwah, kang mangandikakake bab
iku.

13 Mangkene pangandikane Pangeran
Yehuwah: Ingsun bakal ngrisak para brahalane

lan ngicali dewa-dewaning Memfis; tuwin
ing tanah Mesir bakal ora ana panggedhene
maneh sarta Ingsun bakal nuwuhake pagiris
ana ing kana. 14 Ingsun bakal nyirnakake
Patros lan nganakake geni ana ing Soan
sarta ndhawahake paukuman marang Tebe.
15 Ingsun bakal ngesokake bebenduningSun
marang Sin, betenge Mesir lan nyirnakake
kasugihane Tebe. 16 Ingsun bakal nganakake
geni ana ing Mesir, Sin bakal gumeter apadene
Tebe bakal karebut lan tembok-temboke bakal
kabongkar. 17 Para nom-noman On lan Pi-Beset
bakal padha ambruk dening pedhang tuwin
para wong wadon bakal kaboyongan. 18 Ing
Takhpanhes bakal ana pagowong ing wayah
raina, yaiku ing nalikane Ingsun mepesake
panguwasane Mesir ana ing kana lan anggone
kumlungkung, kang marga saka kakuwatane,
bakal sirna. Kutha iku bakal katutupan ing
mendhung, dene anak-anake wadon bakal
kaboyongan. 19 Sabanjure Ingsun bakal
ndhawahake paukuman marang Mesir, temah
wong-wong bakal sumurup manawa Ingsun iki
Yehuwah."

Sirnane panguwasane Mesir

30:20-26

20 Nalika ing taun kang kaping sawelas,
tanggal pitu sasi kapisan, ana pangandikane
Sang Yehuwah marang aku mangkene: 21 "He,
anaking manungsa, tangan kakuwatane
Pringon, raja ing Mesir, wus Suntugel lan

tangane iku ora kablebed supaya pulih maneh,
ora ana kang mblebed supaya dadi kuwat
maneh, lan bisa ngacungake pedhang. 22 Awit
saka iku mangkene pangandikane Pangeran
Yehuwah: Lah Ingsun dadi mungsuhe Pringon,
raja ing Mesir, tuwin Ingsun bakal nugel
tangane, kang isih kuwat sarta kang wus
tugel, apadene bakal ndhawahake pedhang
kang ana ing tangane. 23 Wong Mesir bakal
Sunbuyarake ana ing antarane para bangsa
lan Sunsebar menyang sakehing nagara.
24 Ingsun bakal nyantosakake tangane raja ing
Babil lan bakal maringake pedhangingSun ana
ing tangane, nanging tangane Pringon bakal
Suntugel lan dheweke bakal ngadhuh-adhuh
kaya wong kang tatu banget ana ing ngarepe.
25 Ingsun mesthi bakal nyantosakake tangane
raja Babil, nanging tangane Raja Pringon bakal
lemes. Ing kono banjur bakal padha sumurup,
manawa Ingsun iki Yehuwah, yaiku nalika
Ingsun maringake pedhangingSun ing tangane
raja ing Babil, kang tumuli kaacungake marang
ing tanah Mesir. 26 Ingsun bakal mbuyarake
wong Mesir ana ing antarane para bangsa
lan nyebar wong-wong mau menyang ing
sakehe nagara. Ing kono banjur bakal padha
sumurup, manawa Ingsun iki Yehuwah.”

Raja Pringon kagambar kayadene wit eres kang kategor

31:1-18

31 [1] Ing taun kang kaping sawelas,
tanggal siji sasi telu, ana pangandikane
Sang Yehuwah marang aku mangkene:
[2] "He, anaking manungsa, sira tutura
marang Pringon, raja ing Mesir lan marang
sagolongane mangkene:

Ing sajroning kamulyanira
sapa kang bisa madhani sira?
[3] Lah, sira Sunpadhakake
kalawan wit eres ing Libanon,
kang pange ngrempayak endah-endah
lan kang godhonge ngrembuyung;
wite dhuwur banget
pucuke nganti sundhul langit.
[4] Kali-kali kang ndadekake gedhe,
samodra agung ndadekake dhuwur,
iku kang njalari kali-kali padha mili
ngubengi panggonane iku
lan kalen-kalen padha mili
menyang ing sakehing wit-witan kang ana
ing ara-ara.
[5] Awit saka iku dhuwure
ngungkuli sakehing wit-witan ing ara-ara;
pange kang cilik-cilik saya akeh,
pange kang gedhe padha dadi dawa
marga kaluberan ing banyu akeh.
[6] Kang padha nusuh ana ing pange kang
cilik-cilik

sakehing manuk ing ngawang-awang,
dene kang ana ing sangisoring pang-pang gedhe
kabeh kewan ing alas kang padha manak,
sarta sakehing bangsa kang gedhe
padha ngeyub ana ing sangisore.
7 Wit mau endah marga saka gedhene
lan marga pange kang gedhe padha dawa-dawa;
jalaran oyode padha nlosor
nganti tekan ing banyu kang agung.
8 Wit eres kang ana ing patamananing Allah
ora bakal padha bisa nandhingi,
samono uga wit beros
ora bakal padha bisa madhani pang-pange kang cilik,
sarta wit armon ora ana kang kena katandhingake
karo pang-pange kang gedhe.
Sakehing wit-witan ing patamananing Allah
ora ana kang bisa katandhingake
ing bab kaendahane.
9 Ingsun kang gawe bangeting endahe
dalah pange kang gedhe-gedhe kang nggrembel.
Sakehing wit-witan ing patamanan Eden ing patamananing Allah
padha meri.
10 Marga saka iku Pangeran Yehuwah ngandika
mangkene: Sarehne wit iku dhuwur, pucuke
nganti sundhul langit sarta marga saka
dhuwure iku banjur dadi kumlungkung,
11 mulane wus Sunulungake marang ing

tangane wong kang kwasa ana ing antarane
para bangsa, supaya kapatrapana kang
salaras kalawan pialane; wus Suntundhung.
[12] Wong-wong manca, yaiku umat kang ambek
siya dhewe ing antarane para bangsa, bakal
negor wit iku lan banjur kaetogake bae;
pange kang gedhe-gedhe padha tiba ana
ing gunung-gunung lan ing lembah-lembah
sarta pange kang cilik-cilik padha sempal
tiba ing dhasaring kaline nagara iku tuwin
sakehing bangsa ing bumi padha lunga lumayu
saka ing pangaubane, wit iku nuli kaetogake
bae. [13] Sakehing manuk ing awang-awang
padha mencok ing wit kang wus gumlimpang
iku lan sakehing kewan ing alas padha
manggon ing antarane pang-pange kang
gedhe. [14] Kabeh iki kelakone supaya sakehing
wit-witan ing sapinggiring banyu aja padha
ngunggul-unggulake dhiri lan pucuke aja
nganti kasundhulake ing langit sarta supaya
wit-witan kang gedhe, yaiku kabeh kang nesep
banyu akeh, aja padha nerusake anggone
kumlungkung; amarga kabeh wus padha
kaulungake marang pati, ing telenging bumi
ing satengahe anak-anaking manungsa kang
wus padha tumurun ing luwangan kuburan.
[15] Mangkene pangandikane Pangeran
Yehuwah: Ing dina tumurune marang
ing jagading wong mati, samodra agung
Sundhawuhi bela-sungkawa. Kali-kaline
padha Sunendheg iline, satemah banyune
kang gedhe banjur kabendung. Lan marga
saka dheweke gunung Libanon Sundadekake

manganggo bagor tuwin sakehe wit-witan ing
alas Sundadekake alum lesu. 16 Para bangsa
kang krungu gumebruging ambruke, padha
Sundamel gumeter, yaiku ing nalikane Ingsun
nglebokake dheweke menyang ing jagading
wong mati, lan banjur nunggal kalawan
kabeh kang wus padha tumurun ing luwangan
kuburan. Anadene sakehing wit-witan ing
patamanan Eden, ing telenging bumi bakal
rumangsa kalipur, yaiku wit-witan kang pinilih
lan kang endah dhewe ing Libanon, kang
nesep banyu akeh. 17 Iku uga padha melu
mudhun bebarengan menyang ing jagading
wong mati, yaiku para wong mati kang
kena ing pedhang, lan kabeh kang padha
manggon ing pangaubane ana ing satengahing
bangsa-bangsa kang uga wus mati. 18 Mulane
sira iku kena katandhing karo sapa ing
panunggalane wit-witan ing patamanan Eden
ing bab kamulyan lan kaluhuran? Sira bakal
kaudhunake menyang ing telenging bumi
bebarengan karo wit-witan ing patamanan
Eden sarta bakal gumlethak ana ing satengahe
para wong kang ora tetak, bebarengan karo
para wong kang mati kena ing pedhang.
Yaiku Pringon dalah sagolongane. Mangkono
pangandikane Pangeran Yehuwah.”

Kidung pangadhuh tumrap Sang Prabu Pringon

32:1-32

32 [1] Ing taun kang kaping rolas, tanggal
sapisan sasi rolas ana pangandikane
Sang Yehuwah marang aku mangkene: [2] “He,
anaking manungsa, sira ngucapna pangadhuh
tumrap Pringon, raja Mesir lan tuturana
mangkene:

Sira iku madhakake awakira
kaya singa nom ing antarane para bangsa.
Nanging sira iku kaya baya ing sagara;
kali-kalinira padha sira gawe munthuk,
sira mbuthekakake banyune kalawan sikil
lan jempalikan ana ing bladhere.
[3] Makaten pangandikanipun Pangeran Yehuwah:
Ingsun masang jaringingSun kanggo nyekel sira,
lumantar paklumpukane bangsa akeh,
lan sira Sunlebetake ing jalaningSun.
[4] Sira Sunbanting ing bumi,
Sununcalake menyang ing ara-ara;
sakehing manuk ing awang-awang
Sundhawuhi mencok ana ing sira
kewan-kewan ing salumahing bumi
Sunwaregi kalawan dagingira.
[5] Dagingira Sunkendelake bae padha pating kacecer ana ing pagunungan,
lembah-lembah padha Sunkebaki bathang-bathangira.

6 Bumi Sunombeni
getihira kang mili,
uga gunung-gunung,
sarta dhasar-dhasaring kali bakal kebak
getihira.
7 Samangsa Ingsun nyirnakake sira,
langit bakal Suntutupi
lan lintange padha Sunpetengi.
Srengenge Suntutupi mendhung
dene rembulan ora bakal nyorotake
sunare.
8 Kabeh kang sumunar ana ing langit
bakal Sundadekake peteng marga saka
sira.
Pepeteng Sundhatengake marang sira.
Makaten pangandikanipun Pangeran
Yehuwah.
9 Ingsun bakal damel bingunging atine bangsa
akeh, samangsa sira padha Sundadosake
tawanan ana ing satengahe para bangsa,
ana ing nagara-nagara, kang sira durung tau
sumurup. 10 Ingsun bakal damel kagete bangsa
akeh, samangsa padha ndeleng marang sira,
para rajane bakal padha gumeter ndeleng
sira yaiku manawa Ingsun ngobat-abitake
pedhangingSun ana ing ngarepe. Bakal padha
gumeter tanpa uwis, marga saka ngelingi
marang uripe, ing dina sirnanira mau. 11 Awit
makaten pangandikanipun Pangeran Yehuwah:
Pedhange raja ing Babil bakal nekani sira.
12 Ingsun bakal damel golonganira
padha ambruk kena ing pedhange para
prawira,

kang ambek siya dhewe ana ing antarane
para bangsa.
Kumlungkunge Mesir bakal kalebur
lan sagolongane kabeh bakal katumpes.
13 Sakehe kewane bakal Sunsirnakake
saka ing pinggiring kali-kali gedhe;
sikiling manungsa bakal ora mbuktekakake
maneh
lan ora ana kewan kang ngubeg-ubeg ing
jerone.
14 Banyune banjur bakal Sunbeningake,
kali-kaline bakal Sundamel
kaya mili lenga.
Makaten pangandikanipun Pangeran
Yehuwah.
15 Samangsa Mesir Sundadekake sepi
mamring
kabeh isining nagara uga sirna,
lan kabeh pendhudhuke wus Sunpateni,
ing kono wong-wong bakal padha
sumurup, manawa Ingsun iki Yehuwah.
16 Yaiki pangadhuh kang kudune kakidungake;
para wanitane bangsa-bangsa bakal
ngidungake iku; bakal padha ngidungake
katujokake marang Mesir lan rakyate kabeh
kang akeh iku. Makaten pangandikanipun
Pangeran Yehuwah."
17 Ing taun kang kaping rolas, tanggal
limalas sasi kapisan ana pangandikane Sang
Yehuwah marang aku mangkene: 18 "He,
anaking manungsa, sira ngadhuh-adhuha
bab masyarakat ing Mesir, bebarengan
karo para wanitaning bangsa-bangsa kang

ngedab-edabi, golonganing wong Mesir iku
padha cemplungna ing bumi kang ngisor
dhewe, awor karo para wong kang wus
mudhun marang ing luwangan kuburan.
19 Kaendahanira iku ngungkuli sapa? Sira
mudhuna lan padha klemahana awor karo
para wong kang ora tetak! 20 Iku bakal padha
ambruk ana ing satengahe para wong kang
mati dening pedhang lan kabeh rakyate kang
akeh iku bakal padha tiba kelumah bebarengan
karo dheweke. 21 Para wong kang nyekel
pangwasa lan gagah prakosa dalasan para
pembantune bakal ngrembug dheweke ana ing
satengahe jagade wong mati: Wong-wong iku
wus padha mudhun, padha tiba kelumah lan
awor karo wong kang padha ora tetak, kang
padha mati dening pedhang.

22 Asyur ana ing kana dalah sakehing
sekuthone, kaubengan ing pakuburan-
pakuburane; iku kabeh padha mati dening
pedhang. 23 Kuburane kaprenahake ana
ing peranganing luwangan kang jero sarta
golongane ana ing sakubenge kuburane;
kabeh padha mati, ambruk pinedhang. Yaiku
kang nukulake pagiris ana ing jagading wong
urip.

24 Elam ana ing kono lan rakyate kabeh
kang akeh iku ana ing sakubenge kuburane;
iku kabeh padha mati dening pedhang, yaiku
kang padha mudhun marang bumi kang ngisor
dhewe ora kalawan ditetaki, kang wus padha
nuwuhake pagiris ana ing jagade wong urip,
lan iku padha nanggung kawirangane, awor

karo wong-wong kang padha mudhun marang
ing luwangan kuburan. 25 Ana ing satengahe
para wong kang mati, marga dipateni iku,
dicawisi paturon uga kabeh rakyate kang akeh
iku ana ing sakubenge pakuburane. Iku kabeh
wong kang padha ora tetak, kang padha mati
dening pedhang, awit wus padha nuwuhake
pagiris ana ing jagade wong urip, lan padha
nanggung kawirangane, awor karo wong
kang padha mudhun marang ing luwangan
kuburan; padha dipapanake ana ing satengahe
wong-wong kang mati marga pinatenan.
26 Mesekh lan Tubal padha ana ing kono
dalasan kabeh rakyate kang akeh iku, kang
padha ngupengi pakuburane; iku kabeh wong
kang padha ora tetak, kang mati dening
pedhang, amarga wus padha nuwuhake
pagiris ana ing jagade wong urip. 27 Padha ora
kakubur awor karo para prawira kang padha
mati ing jaman biyen, kang padha mudhun
marang jagade wong mati bebarengan karo
sakehe gegamaning perang, kang pedhange
nuli kadekek ing sangisore sirahe sarta
tamenge katumpangake ing balung-balunge;
amarga wus padha nuwuhake pagiris ana ing
jagade wong urip. 28 Sira bakal gumlinting
ana ing satengahe para wong kang ora tetak,
awor karo para wong kang padha mati dening
pedhang.
29 Edom ana ing kono, para rajane lan kabeh
panggedhene, kang padha dipapanake ing
sacedhake para wong kang mati dening
pedhang, sanadyan padha prakosa; padha

diturokake sandhing wong-wong kang ora tetak lan wong-wong kang padha mudhun marang ing luwangan kuburan.

30 Para panggedhe saka ing lor padha ana ing kono, kabeh iku lan sakehe wong Sidon, kang kalawan wirang padha mudhun lan awor karo para wong kang padha mati marga dipateni, sanadyan wus padha njalari girise wong-wong mau kalawan kakuwatane; iku padha diturokake ora kalawan ditetaki ana ing sacedhake wong-wong kang mati dening pedhang sarta padha nanggung kawirangane bebarengan karo wong-wong kang tumurun ing luwangan kuburan.

31 Pringon bakal ndeleng wong iku kabeh lan bakal rumangsa kalipur ing bab kaanane golongane kabeh. Pringon dalah wadya-balane mati dening pedhang. Mangkono
pangandikane Pangeran Yehuwah.
32 Ing
sarehne Pringon wus nuwuhake pagiris ana ing jagade wong urip, mulane diturokake ing satengahe wong-wong kang ora padha tetak, awor karo wong kang padha mati dening pedhang, Pringon dalah sagolongane. Mangkono pangandikane Pangeran Yehuwah.”

BAB 33--48 PAMECA BAB PANGAREP-AREPE ISRAEL

Kawajibane Nabi Yeheskiel anggone dadi wong jaga

33:1-20

33 1 Tumuli ana pangandikane Sang
Yehuwah marang aku mangkene:
2 "He, anaking manungsa, tutura marang
mitra-mitranira tunggal bangsa lan kandhaa
mangkene: Manawa Ingsun ndhatengake
pedhang ana ing sawijining nagara lan
wong-wong ing kono wus milih wong siji saka
ing panunggalane kadadekake prajurit jaga
3 tuwin prajurit iki sumurup ana pedhang kang
nekani nagarane, tumuli ngunekake slompret
kanggo ngelingake marang bangsane,
4 manawa ana wong kang pancen krungu
swaraning slompret iku, nanging emoh
dielingake, satekane pedhang mau, dheweke
mesthi kasirnakake sarta getihe tumempuh
marang awake dhewe. 5 Krungu swaraning
slompret, nanging emoh dielingake, getihe
tumempuh marang awake dhewe. Saupama
gelem dielingake, nyawane slamet. 6 Nanging
manawa prajurit jaga mau sumurup tekaning
pedhang, mangka ora banjur ngunekake
slompret, dadine bangsane ora dielingake,
satekane pedhang mau, nuli ana wong
panunggalane kang disirnakake, sanadyan
wong iki mati marga saka kaluputane, nanging

Ingsun bakal mundhut tanggung jawab bab
nyawane wong iku marang kang jaga mau.
7 Dene sira, he, anaking manungsa, sira
Sundadekake penjagane para turune Israel.
Samangsa sira krungu pangandikaningSun,
wong-wong iku padha elingna atas
asmaningSun. 8 Manawa Ingsun ngandika
marang wong duraka: He, wong duraka, sira
mesthi mati -- sira ora kandha apa-apa kanggo
ngelingake wong duraka iku supaya mratobat,
-- wong iku mati marga saka kaluputane,
nanging Ingsun mundhut tanggung-jawab bab
nyawane marang sira. 9 Nanging manawa sira
ngelingake wong duraka iku supaya mratobat,
nanging emoh mratobat, wong iku bakal mati
marga saka durakane, nanging nyawanira
slamet.
10 Sabanjure sira, he anaking manungsa sira
tutura marang para turune Israel: Sira padha
celathu mangkene: Panerak lan dosaku wus
tumempuh marang aku kabeh, satemah aku
padha tiwas; kapriye anggonku padha bisa
lestari urip? 11 Sira tutura marang wong-wong
iku: Demi Ingsun kang gesang, mangkono
pangandikane Pangeran Yehuwah, Ingsun
ora ngarsakake patine wong duraka, nanging
Ingsun ngarsakake pamratobate wong
duraka supaya urip. Padha mratobata, padha
sumingkira saka ing lakunira kang ala iku!
Yagene sira bakal padha mati, he para turune
Israel?
12 Anadene sira, he anaking manungsa, sira
tutura marang para mitranira tunggal bangsa

mangkene: Kamursidane wong mursid iku ora
njalari slamete, samangsa wong iku nglakoni
panerak; lan pialane wong ala ora njalari
anggone kesandhung, samangsa wong iku
nyingkiri pialane; lan wong mursid ora bisa
urip marga saka kamursidane, samangsa
nglakoni dosa. 13 Manawa Ingsun ngandika
marang wong mursid: sira mesthi urip! --
mangka wong iku ngendelake kamursidane,
lan banjur nglakoni piala, kabeh panggawene
becik ora bakal kaetung, lan wong mau mesthi
mati marga saka pialane kang katindakake
iku. 14 Manawa Ingsun ngandika marang
wong duraka: Sira mesthi mati! -- nanging
wong mau banjur nyingkiri pialane tuwin
tumindak adil lan bener, 15 mbalekakake gadhene
wong, ngijoli barang rayahane, lakune manut
pranatan-pranatan kang njalari urip, satemah
ora nglakoni piala maneh, wong iku mesthi
urip, ora bakal mati. 16 Sakehing dosa kang
dilakoni ora bakal kaetung maneh; dheweke
wus nglakoni kaadilan lan kabeneran, mulane
mesthi bakal urip.

17 Ewadene para mitramu tunggal bangsa
padha ngucap: Tumindake Sang Yehuwah
iku ora bener! Mangka satemene tumindake
wong-wong iku kang ora bener. 18 Saupama
wong mursid ninggal kamursidane lan nglakoni
piala, iku mesthi bakal mati marga saka
pialane iku. 19 Kosok baline manawa wong
duraka ninggal durakane lan banjur nindakake
kaadilan lan kabeneran, mesthi bakal urip
marga saka tumindake mau. 20 Ewasamono

sira padha celathu: Tumindake Sang Yehuwah iku ora bener! Ingsun kang ngadili sira kabeh, manut kalakuanira dhewe-dhewe, he para turune Israel."

Pawarta bab ambruke Yerusalem

33:21-22

21 Ing taun kaping sawelas, tanggal lima sasi
sapuluh, sawuse aku kabeh padha kabuwang,
aku katekan sawijining wong kang oncat saka
Yerusalem, kang banjur celathu mangkene:
"Kitha punika sampun teluk!" 22 Pangwaose
Sang Yehuwah, nalika malem dina tekane
wong kang oncat mau, wus nglimputi aku
tuwin esuke ngarepake tekane wong kang
oncat mau, Sang Yehuwah mbikak cangkemku.
Cangkemku wus kabukak satemah aku wus
ora bisu maneh.

Ana ing nagarane lan ana ing pambuwangan Israel tetep wangkot

33:23-33

23 Tumuli ana pangandikane Sang Yehuwah
marang aku mangkene: 24 "He, anaking
manungsa, wong-wong kang manggon ing
reruntuhan, yaiku ing tanah Israel, padha
celathu: Nalika Rama Abraham kaparingan
tanah iki dadi kagungane, panjenengane iku
mung piyambakan bae; nanging aku kabeh iki
gunggungku akeh, mulane tanah iki mesthi
kaparingake marang kita dadi tanah pusaka.

25 Mulane sira tutura marang wong-wong iku:
Mangkene pangandikane Pangeran Yehuwah:
Sira padha mangan daging sagetihe, sira
uga tansah padha tumenga marang para
brahalanira tuwin sira padha ngwutahake getih
-- apa sira bakal padha lestari ndarbeni tanah
iki? 26 Sira padha ngendelake pedhangira,
sira padha nglakoni kanisthan, kabeh padha
ngrusuhi bojone pepadhane -- apa sira
bakal padha lestari ndarbeni tanah iki?
27 Tutura marang wong-wong iku mangkene:
Pangeran Yehuwah ngandika: Demi Ingsun
kang agesang, wong kang padha manggon
ing reruntuhan bakal ambruk mati dening
pedhang, tuwin wong-wong kang ana ing
ara-ara bakal Sunpakakake marang kewan
alasan, dene kang manggon ing beteng-
beteng lan ing guwa-guwa bakal mati kena
ing pageblug. 28 Tanah iki bakal Sunsirnakake
lan Sundadekake sepi mamring, dene
kumlungkunge, kang marga saka santosane
bakal mari; gunung-gununge Israel bakal dadi
sepi mamring, satemah ora ana wong kang
wani liwat ing kono. 29 Ing kono wong-wong
mau bakal padha sumurup, manawa Ingsun
iki Yehuwah, yaiku nalika Ingsun nyirnakake
tanah iki lan Sundadekake sepi mamring,
marga saka sakehing panggawene kang
nistha, kang padha katindakake.
30 Anadene sira anaking manungsa, sira
dirasani dening mitra-mitranira tunggal
sabangsa ana ing sacedhake tembok-tembok
lan lawanging omah-omah, mangkene

anggone padha rerasanan: Ayo padha mrana
lan ngrungokake apa kang kapangandikake
dening Sang Yehuwah! [31] Wong-wong mau
banjur padha marani sira kaya rakyat
kang nglumpuk lan padha lungguh ana ing
ngarepira, katon kaya umatingSun sarta padha
krungu apa kang sira ucapake, nanging padha
ora nglakoni mangkono; cangkeme kebak
tetembungan kang isi katresnan, nanging
atine mburu kauntungan kang nistha. [32] Sira
iku nyata kayadene wong kang nglagokake
kidung katresnan kalawan swara arum tumrap
wong-wong iku, sarta kang pinter nylempung;
padha krungu apa kang sira ucapake, nanging
babar pisan ora padha tumindak mangkono.
[33] Samangsa bab iku wus nekani -- lan iku
nyata-nyata bakal nekani! -- wong-wong mau
bakal padha sumurup, manawa ana nabi ing
satengahe.”

Sang Yehuwah kang dadi pangene Israel kang utama, nglawan pangen-pangen kang ala

34:1-31

34 [1] Banjur ana pangandikane Sang
Yehuwah marang aku mangkene: [2] “He,
anaking manungsa, sira medhara wangsit
nglawan para pangone Israel, medhara
wangsit lan tutura marang wong-wong iku,
marang pangon-pangon iku: Mangkene
pangandikane Pangeran Yehuwah: Bilai para
pangone Israel, kang ngengon awake dhewe!

Kudune rak wedhus-wedhuse kang diengon
dening para pangon iku? [3] Sira padha ngombe
susune, wulune sira gawe sandhangan,
wedhus kang lemu sira beleh, nanging sira ora
ngengon wedhus-wedhus iku. [4] Kang ringkih
ora sira kuwatake, kang lara ora sira tambani,
kang tatu ora sira blebed, kang kesasar ora
sira gawa bali, kang ilang ora sira goleki,
dene kang kuwat sira idak-idak kalawan
sawenang-wenang. [5] Marga saka mangkono
tumuli padha buyar, awit ora ana pangone,
temah banjur padha dadi mangsaning sakehe
kewan alas. Wedhus-wedhusingSun padha
buyar [6] lan padha kesasar ana ing sakehing
gunung lan ing sakehing tengger kang
dhuwur-dhuwur, malah ana ing saindenging
tanah kono wedhusingSun anggone padha
buyar, ora ana wong siji-sijia kang mreduli
utawa nggoleki.
[7] Awit saka iku, he para pangon, padha
ngrungokna pangandikane Sang Yehuwah:
[8] Demi Ingsun kang gesang, -- mangkono
pangandikane Pangeran Yehuwah -- ing
sarehne wedhus-wedhusingSun nyata-nyata
dadi mangsaning sakehe kewan ing alas,
marga ora ana pangone, jalaran para
pangoningSun ora padha mreduli marang
wedhus-wedhusingSun, nanging mung
padha ngengon awake dhewe bae, dene
wedhus-wedhusingSun ora padha diengon,
[9] awit saka iku he, para pangon, rungokna
pangandikane Sang Yehuwah: [10] Mangkene
pangandikane Pangeran Yehuwah: Ingsun

piyambak kang bakal dadi mungsuhe para
pangon iku lan Ingsun bakal mundhut baline
para wedhusingSun sarta bakal Sunkendeli
anggone dadi pangoning wedhusingSun.
Pangon-pangon iku ora bakal padha lestari
bisa ngengon awake dhewe; Ingsun bakal
nguwalake wedhus-wedhusingSun saka ing
cangkeme, satemah ora dadi pakane maneh.
11 Awit mangkene pangandikane Pangeran
Yehuwah: Ingsun piyambak bakal migatosake
marang wedhus-wedhusingSun lan bakal
Sunpadosi. 12 Kaya pangon kang nggoleki
wedhuse kang pisah karo pepanthane
mangkono anggoningSun bakal ngupadosi
wedhus-wedhusingSun lan bakal Sunluwari
saka ing sakehing panggonan anggone
padha kaulungake nalika dinane mendhung
lan peteng. 13 Bakal padha Sunirid metu
saka ing satengahe para bangsa lan
Sunklempakakake saka ing nagara-nagara
sarta Sunirid marang ing tanahe; Ingsun
bakal ngengon wedhus-wedhusingSun iku
mau ana ing gunung-gununge Israel, ana
ing lebak-lebaking kaline lan ana ing papan
panggonane wong kono kabeh. 14 Bakal
padha Sunengon ana ing ara-ara kang becik;
papan pangonane ana ing gunung-gununge
Israel kang dhuwur; ana ing papan pangonan
kang becik iku anggone bakal padha njerum
sarta kang dadi pakane suket kang seger ing
gunung-gununge Israel. 15 Ingsun piyambak
kang bakal ngengon wedhus-wedhusingSun
lan padha Sunpurih njerum. Mangkono

pangandikane Pangeran Yehuwah. 16 Kang
ilang bakal Sunpadosi, kang katriwal bakal
Sunbekta bali, kang tatu bakal Sunblebed,
kang lara bakal Sunkiyatake, apadene kang
lemu lan kang rosa bakal Sunayomi. Bakal
padha Sunengon samesthine.
17 Sabanjure, he, sira wedhus-wedhusingSun,
-- mangkene pangandikane Pangeran Yehuwah
-- lah Ingsun bakal dadi hakim tumrap
wedhus-wedhus iku, lan tumrap wedhus
lanang kang gembel lan kang dudu gembel.
18 Apa durung cukup tumrap sira, sira padha
ngentekakе suket ing ara-ara kang becik
dhewe iku? Apa sira isih arep ngidak-idak
ara-ara liyane kalawan sikilira? Apa durung
cukup sira ngombe banyu kang bening iku?
Apa sira isih arep mbuthekake kekarene
kalawan sikilira? 19 Apa wedhus-wedhusingSun
kudune nyenggut suket kang wus sira
idak-idak lan ngombe banyu kang wus sira
buthekake kalawan sikilira?
20 Awit saka iku -- mangkene pangandikane
Pangeran Yehuwah -- lah Ingsun piyambak
bakal dadi hakim ana ing antarane wedhus-
wedhus kang lemu lan kang kuru; 21 sarehne
kabeh kang ringkih padha sira sodhog kalawan
lambungira lan baunira sarta sira bijig kalawan
sungunira, nganti padha sira srudug metu
saka ing kandhang. 22 Mulane Ingsun bakal
nulungi wedhus-wedhusingSun, supaya
aja nganti dadi memangsan maneh, tuwin
Ingsun bakal dadi hakim ana ing antarane
wedhus-wedhus. 23 Ingsun bakal ngangkat

sawijining pangon kanggo wedhus-wedhus
iku, kang bakal ngengon, yaiku abdiningSun
Dawud; iku kang bakal ngengon lan dadi
pangone. 24 Dene Ingsun, Yehuwah bakal dadi
Allahe sarta abdiningSun Dawud bakal dadi
raja ana ing satengahe. Ingsun, Yehuwah,
kang ngandika mangkono. 25 Ingsun bakal
nganakake prajanjian karukunan kalawan
wedhus-wedhusingSun tuwin Ingsun bakal
nyingkirake sakehe kewan galak saka ing
tanah kono, satemah wedhus-wedhusingSun
bisa manggon ana ing pasamunan kalawan
ayem tentrem lan bisa turu ana ing alas.
26 Ingsun bakal ndadosake wedhus-wedhus
iku lan kabeh kang ana ing sakubenge
gunungingSun dadi berkah; Ingsun bakal
paring udan ing pepancene wektune; iku
udan kang nggawa berkah. 27 Wit-witan
ing ara-ara bakal padha metokake wohe
tuwin tanah iku bakal menehake pametune.
Wedhus-wedhusingSun bakal urip kalawan
ayem tentrem ana ing tanahe. Bakal padha
sumurup, manawa Ingsun iki Yehuwah, yaiku
samangsa Ingsun wus mutung kayuning
pasangane lan ngluwari wedhus-wedhus iku
saka ing tanganing wong kang ngawulakake.
28 Ing kono banjur wus padha ora dadi
rayahane para bangsa maneh lan kewan
alasan ora bakal nubruk, satemah padha bisa
manggon kalawan ayem tentrem sarta ora
bakal digawe kaget dening apa bae. 29 Ingsun
bakal nganakake patamanan kang seger
mbungahake, satemah ing tanah kono ora

bakal ana wong kang mati kaliren, sarta ora
ana maneh kang nandhang kawirangan kang
saka ing para bangsa. [30] Ing kono banjur bakal
padha sumurup, manawa Ingsun, Yehuwah,
Allahe, nunggil kalawan dheweke kabeh;
turune Israel iku umatingSun. Mangkono
pangandikane Pangeran Yehuwah. [31] Sira
kabeh iku padha dadi wedhusingSun, wedhus
kang padha Sunengen lan Ingsun iki Allahira.
Mangkono pangandikane Pangeran Yehuwah."

Sang Yehuwah duka marang pagunungan Seir

35:1-15

35 [1] Tumuli aku dipangandikani dening
Sang Yehuwah mangkene: [2] "He,
anaking manungsa, sira madhepa marang
ing pagunungan Seir, medhara wangsit
nglawan iku [3] lan tutura mangkene: Pangeran
Yehuwah ngandika mangkene: Ingsun bakal
dadi mungsuhira, he pagunungan Seir, lan
Ingsun bakal ngagagake astaningSun nglawan
marang sira sarta bakal Sunsirnakake lan
Sundadosake sepi mamring. [4] Ingsun bakal
ndadosake kutha-kuthanira dadi reruntuhan
tuwin sira bakal dadi sepi mamring, sarta
sira bakal sumurup, manawa Ingsun iki
Yehuwah. [5] Ing sarehne atinira kadunungan
rasa memungsuhan turun-tumurun lan sira
ngulungake wong Israel dadi memangsaning
pedhang ing dinane kasangsaran ing waktu
tumibaning pangadilane kang wekasan,

6 mulane, demi Ingsun kang gesang --
mangkono pangandikane Pangeran Yehuwah --
sira bakal Sundadekake getih lan bakal kaoyak
dening getih; ing sarehne sira kaluputan
marga ngilekake getih, mulane getih bakal
ngoyak sira. 7 Ingsun bakal nyirnakake
pagunungan Seir lan Sundadekake sepi
mamring tuwin Ingsun bakal nyirnakake sapa
kang teka lunga ing kono. 8 Pagunungane uga
bakal Sunkebaki kalawan wong-wong kang
mati marga dipateni. Wong-wong kang mati
kena ing pedhang bakal padha ambruk ana
ing tengger-tenggerira, ing lembah-lembahira
lan ing dhasar-dhasaring kalinira. 9 Sira
bakal Sundadekake sepi mamring ing
salawas-lawase tuwin kutha-kuthanira ora
bakal dienggoni maneh. Ing kono sira bakal
padha sumurup, manawa Ingsun iki Yehuwah.

10 Ing sarehne sira celathu: Bangsa loro lan
nagara loro iku bakal dadi duwekku lan kita
kang bakal nduweni -- mangka sanyatane
Sang Yehuwah ana ing kono -- 11 mulane,
demi Ingsun kang gesang -- mangkono
pangandikane Pangeran Yehuwah -- Ingsun
bakal nandukakake marang sira kaya kang wus
sira tandukake marang turune Israel ing
sajrone kanepsonira lan kamerenira, kang
marga saka sengitira marang wong-wong
mau; sarta Ingsun bakal ngrawuhi sira
samangsa Ingsun ngadili sira. 12 Ing kono sira
bakal sumurup, manawa Ingsun iki, Yehuwah,
midhanget sakehing pangala-alanira kang
sira ucapake marang gunung-gununge Israel

yaiku mangkene: Gunung-gunung iku wus
dadi sepi mamring lan kaulungake marang
kita dadi pangan kita. 13 Kalawan mangkono
iku sira ngegungake awakira dhewe ana ing
ngarsaningSun kanthi pangucapira sarta
akeh banget tembungira marang Ingsun. Iku
Sunpiyarsakake. 14 Mangkene pangandikane
Pangeran Yehuwah: Salumahing bumi bakal
sukarena ing waktu sira Sundadekake sepi
mamring. 15 Kaya anggonira abungah-bungah
ing bab pusakane turune Israel, kang wus
dadi sepi mamring, iya kaya mangkono iku
kang bakal Suntandukake marang sira. Sira
bakal dadi sepi mamring, he, pagunungan Seir
lan sira, Edom sakukubanira kabeh. Ing kono
wong-wong bakal sumurup, manawa Ingsun
iki Yehuwah.”

Israel kabangun

36:1-38

36 1 “He, sira, anaking manungsa, sira
medhara wangsit bab gunung-gununge
Israel lan tutura: He gunung-gununge Israel,
rungokna pangandikane Sang Yehuwah!
2 Mangkene pangandikane Pangeran Yehuwah:
Sarehne mungsuh iku celathu ing bab sira
kabeh: Lah tengger-tengger wiwit biyen wus
dadi darbekku kabeh. 3 Mulane sira medhara
wangsit lan tutura: Mangkene pangandikane
Pangeran Yehuwah: Ing sarehne, lan iya
pancen nyata mangkono, ing sarehne
mungsuh ing sakubengira ndadekake sira

kabeh sepi mamring lan ngarah supaya sira
kabeh padha dadi darbeke kekarene para
bangsa, tuwin ing sarehne sira tansah padha
dicatur dening wong lan akeh panacade wong
marang sira,
4 marga saka iku, he, gunung-
gununge Israel, rungokna pangandikane
Pangeran Yehuwah marang gunung-gunung
lan tengger-tengger, marang dhasar-dhasaring
kali lan lembah-lembah, marang reruntuhan
kang sepi mamring lan marang kutha
kang wus disuwungake, kang wus dadi
rayahan lan cacadan tumrap kekarening
para bangsa ing sakubenge,
5 marga saka
iku mangkene pangandikane Pangeran
Yehuwah: Ingsun mesthi bakal ngandika
ing sajroning bentering panggalihingSun
kang banget nglawan kekarening para
bangsa lan nglawan saindenging Edom,
kang nemtokake tanahingSun dadi duweke
kalawan rasa bungah kang banget lan
rasa ngremehake kang pandhes, satemah
tanahingSun iku banjur dadi ebeke lan kena
karayah nganti entek.
6 Mulane sira nglairna
pameca bab tanah Israel lan celathua marang
gunung-gunung lan tengger-tengger, marang
dhasar-dhasaring kali lan lembah-lembah:
Pangandikane Pangeran Yehuwah mangkene:
Lah Ingsun ngandika ing sajroning duka
lan bentering panggalihingSun, amarga
sira wus nandhang kawirangan kang tuwuh
saka ing bangsa-bangsa.
7 Awit saka iku
mangkene pangandikane Pangeran Yehuwah:
Ingsun supaos, manawa para bangsa ing

sakubengira dhewe iku mesthi bakal nandhang
kawirangane.
8 Anadene sira, gunung-gununge Israel, bakal
metu trubusira maneh lan bakal metokake
woh kanggo umatingSun Israel, marga bakal
enggal padha bali. 9 PanggalihingSun bakal
pulih becik maneh lan Ingsun bakal nggalih
marang sira kabeh lan sira bakal padha
kagarap lan kesebaran. 10 Sira bakal Suniseni
manungsa akeh, yaiku sagolongane turune
Israel kabeh; kutha-kutha bakal dienggoni
maneh sarta reruntuhan bakal kabangun
maneh. 11 Sira bakal Suniseni manungsa lan
kewan akeh, iku bakal padha wuwuh akeh
lan padha bebranahan sarta Ingsun bakal
ndadekake sira padha dienggoni maneh kaya
ing sakawit tuwin bakal nandukake kebecikan
marang sira ngluwihi kang uwis-uwis,
temah sira bakal padha sumurup, manawa
Ingsun iki Yehuwah. 12 Ingsun bakal damel
manungsa padha teka lunga ana ing sira, yaiku
umatingSun Israel; iku bakal padha ngenggoni
sira lan sira bakal dadi tanah-pusakane tuwin
sira ora bakal nyirnakake wong-wong iku
maneh. 13 Mangkene pangandikane Pangeran
Yehuwah: Ing sarehne wong anggone ngrasani
sira: Sira iku memangsa manungsa lan
nyirnakake bangsanira -- 14 mulane sira
ora bakal mangsa manungsa maneh lan
ora bakal nyirnakake bangsanira maneh.
Mangkono pangandikane Pangeran Yehuwah.
15 Ingsun bakal damel, supaya wong ora
ngrembug bab kawirangan kang tuwuh saka

ing bangsa-bangsa tumrap sira sarta sira ora bakal ngrasakake panacading bangsa-bangsa maneh apadene sira ora bakal nyirnakake bangsanira maneh. Mangkono pangandikane Pangeran Yehuwah."

16 Sawuse mangkono nuli ana pangandikane
Sang Yehuwah marang aku mangkene: 17 "He,
anaking manungsa, nalika turune Israel padha
manggon ana ing tanahe, padha najisake
tanah iku kalawan solah tingkahe; kalakuane
ana ing ngarsaningSun kayadene najise wong
wadon kang lagi nggarap sari. 18 Mulane
Ingsun banjur ngesokake dedukaningSun
marga saka getih kang diwutahake ana
ing tanah kono lan marga saka anggone
najisake tanah iku kalawan brahala-brahalane.
19 Banjur padha Sunbuyarake ana ing antarane
para bangsa, satemah padha sumebar ana
ing sakehing nagara. Padha Sunadili kang
laras karo panggawene. 20 Ana ing ngendi bae
ana ing satengahe bangsa-bangsa iku, padha
najisake asmaningSun kang suci, marga padha
dikandhakake: Jarene padha dadi umate Sang
Yehuwah, lah kok padha diwetokake saka ing
tanah kagungane! 21 Ingsun rumaos gerah
ing panggalih, dene asmaningSun kang suci
dinajisake dening turuning Israel ana ing
satengahe para bangsa, kang padha ditekani.

22 Mulane turune Israel iku padha sira
kandhanana: Mangkene pangandikane
Pangeran Yehuwah: Ora marga saka sira
anggoningSun tumindak iku, he, turuning
Israel, nanging marga saka asmaningSun

kang suci kang sira najisake ana ing satengahe
para bangsa kang padha sira tekani. 23 Ingsun
bakal nucekake asmaningSun kang luhur kang
wus sira najisake ana ing satengahe para
bangsa, kang sira najisake ana ing satengahe
wong-wong iku. Satemah para bangsa bakal
sumurup, manawa Ingsun iki Yehuwah --
mangkono pangandikane Pangeran Yehuwah
-- yaiku samangsa Ingsun ngatingalake
kasuceningSun marang sira ana ing sangarepe
para bangsa. 24 Ingsun bakal methuk sira
kabeh saka ing antarane para bangsa lan
nglempakake sira saka ing sakehing nagara;
sira bakal padha Sunirid bali menyang ing
tanahira. 25 Sira bakal padha Sunesoki banyu
bening, kang bakal ngresikake sira; Ingsun
bakal ngresiki sakabehing kanajisanira
lan sakehing brahalanira. 26 Ingsun bakal
maringi ati kang anyar marang sira lan roh
kang anyar ana ing sajroning batinira sarta
Ingsun bakal ngedohake saka ing sira atinira
kang wangkot tuwin sira Sunparingi ati
kang mbangun miturut. 27 RohingSun bakal
Sunparingake supaya dumunung ana ing
batinira sarta Ingsun bakal ndadekake sira
padha urip manut sakehing katetepaningSun
lan tansah nggondeli tuwin nindakake
pranatan-pranataningSun. 28 Sabanjure sira
bakal padha manggon ana ing nagara kang
wus Sunparingake marang leluhurira sarta
sira bakal dadi umatingSun lan Ingsun bakal
dadi Allahira. 29 Ingsun bakal ngluwari sira
saka ing sakehing dosaning kanajisanira sarta

Ingsun bakal nukulake gandum tuwin kang
banjur Sundadosake akeh apadene Ingsun ora
bakal ndhatengake pailan maneh marang sira.
30 Ingsun uga ngakehake wohing wit-witanira
lan pametuning pategalanira, supaya aja
nganti nandhang kawirangan maneh ana
ing satengahe bangsa-bangsa marga saka
keluwen. 31 Sabanjure sira bakal tansah
padha kelingan marang kalakuanira kang ala
tuwin tumindakira kang ora becik sarta sira
bakal padha rumangsa enek ndeleng awakira
dhewe marga saka sakehing kaluputanira lan
panggawenira kang nistha. 32 Ora marga sira
anggoningSun nindakake iku -- mangkono
pangandikane Pangeran Yehuwah -- iku supaya
sira mangreteni. Sira padha rumangsaa isin lan
cikben sira kaisin-isin marga saka kalakuanira,
he, turune Israel.

33 Mangkene pangandikane Pangeran
Yehuwah: Ing dina anggoningSun ngresiki
sakehing kasalahanira, Ingsun bakal
ndadekake kutha-kutha padha dienggoni
maneh lan reruntuhan bakal kabangun
maneh. 34 Tanah kang wus suwe bera, bakal
kagarap maneh, supaya aja tetep bera ana ing
ngarepe sakehing wong kang liwat ing kono.
35 Nanging kosokbaline wong-wong bakal
kandha: Tanah kang wus lawas bera iki saiki
dadi kaya patamanan Eden lan kutha-kutha
kang wus rusak sepi mamring lan wus dadi
reruntuhan, saiki kaenggonan lan dadi beteng,
36 tuwin kekarene bangsa-bangsa kang ana ing
sakubengira bakal padha sumurup, manawa

Ingsun iki Yehuwah, kang mbangun maneh
kang wus rusak lan nanemi maneh kang
wus bera. Ingsun, Yehuwah, kang ngandika
mangkono lan bakal tumindak mangkono.
37 Mangkene pangandikane Pangeran
Yehuwah: Ing bab iki Ingsun mundhut,
supaya turune Israel padha nyuwun marang
Ingsun, apa kang dikarepake kang supaya
Suntindakake, yaiku ndadekake turune Israel
dadi akeh nganti kaya samodra. 38 Nganti kaya
wedhus-wedhus kurban suci lan kayadene
wedhus-wedhus ing Yerusalem ing dina-dina
gedhe, iya kaya mangkono iku dadine
kutha-kutha kang maune wus rusak, banjur
kebak wong nganti kaya samodra. Marga saka
mangkono wong-wong banjur padha sumurup,
manawa Ingsun iki Yehuwah."

Tangine Israel

37:1-14

37 1 Aku banjur kalimputan ing pangwaose
Sang Yehuwah sarta Panjenengane
nuli ngirid aku metu lumantar Rohe
tuwin mapanake aku ana ing satengahing
lembah, dene lembah iki kebak balung.
2 Panjenengane ngirid aku mubeng-mubeng
ndeleng balung-balung mau, lah pancen
akeh banget, padha pating slebar ana ing
lembah kono: padha garing mekingking.
3 Panjenengane tumuli ngandika marang aku:
"He, anaking manungsa, balung-balung iki
apa bisa diuripake maneh?" Aku munjuk:

“Dhuh Pangeran Yehuwah, Paduka ingkang
nguningani!” 4 Nuli aku dipangandikani: “Sira
medhara wangsit tumrap balung-balung iki
lan tuturana mangkene: He balung-balung
kang garing, rungokna pangandikane Sang
Yehuwah! 5 Mangkene pangandikane Pangeran
Yehuwah marang balung-balung iki: Ingsun
nganjingi sira kalawan rohing kauripan, supaya
sira urip maneh. 6 Ingsun bakal maringi otot
marang sira lan nukulake daging ana ing sira,
Ingsun bakal nutupi sira kalawan kulit sarta
paring marang sira rohing kauripan, supaya
sira padha urip maneh. Sira banjur bakal
padha sumurup, manawa Ingsun iki Yehuwah.”
7 Aku banjur medhar wangsit kaya kang
kadhawuhake marang aku; lan bareng aku
wus mendhar wangsit, padha sanalika tumuli
ana swara keprungu, swara pating kropyak,
lah balung-balung mau padha ngumpul.
8 Sajrone aku ngawasake iku, lah aku nuli
ndeleng otot-otot lan daging kang tumuwuh
ing balung-balung mau, sawuse mangkono
banjur katutupan ing kulit, nanging durung
padha ambekan. 9 Aku tumuli dipangandikani
mangkene: “Sira medhara wangsit marang
rohing kauripan iku, medhara wangsit, he,
anaking manungsa, lan tutura marang rohing
kauripan iku mangkene: He rohing kauripan,
mangkene pangandikane Pangeran Yehuwah:
Sira tekaa saka ing keblat papat, wong-wong
kang pinatenan iki padha sira damonana,
supaya padha urip maneh!” 10 Aku nuli medhar
wangsit kaya kang kadhawuhake marang

aku. Rohing kauripan mau banjur lumebu ing
wong-wong mau, temah banjur padha urip
maneh lan padha ngadeg. Dadi wadya-bala
kang akeh banget.
11 Aku nuli dipangandikani mangkene:
“He, anaking manungsa, balung-balung iki
kabeh turune Israel. Lah wong-wong iku
rak padha kandha dhewe: Balung-balungku
wis padha dadi garing, aku kabeh wus ora
duwe pangarep-arep, aku wus padha sirna.
12 Awit saka iku sira medhara wangsit lan
tutura marang wong-wong iku: Mangkene
pangandikane Pangeran Yehuwah: Lah Ingsun
mbikak kubur-kuburira lan nangekake sira
kabeh saka ing kono, he, umatingSun, lan
Ingsun bakal ngirid sira menyang ing tanah
Israel. 13 Sarta sira bakal padha sumurup,
manawa Ingsun iki Yehuwah, yaiku nalika
Ingsun mbikaki kubur-kuburira lan nangekake
sira kabeh saka ing kono, he, umatingSun.
14 Ingsun bakal nganjingake RohingSun ana
ing sira, satemah sira padha urip maneh lan
Ingsun bakal mapanake sira ana ing tanahira.
Ing kono sira bakal padha sumurup, manawa
Ingsun, Yehuwah, kang mangandikakake iku
lan nindakake iku. Mangkono pangandikane
Sang Yehuwah.”

Karajan Israel lan Yehuda didadekake siji maneh

37:15-28

15 Sawuse mangkono nuli ana pangandikane
Sang Yehuwah marang aku mangkene: 16 “He,
sira anaking manungsa, sira njupuka blabag,
ing dhuwur sira tulisana: Kanggo Yehuda
lan para wong Israel kang nunggal kalawan
dheweke. Banjur njupuka blabag liyane,
ing dhuwur sira tulisana: Kanggo Yusuf --
blabage Efraim -- lan kabeh turune Israel
kang tetunggalan kalawan dheweke. 17 Blabag
loro iku banjur sira dadekna siji, temah
loro-lorone iku dadi siji ana ing tanganira.
18 Ing kono manawa mitra-mitranira tunggal
bangsa padha takon marang sira: Apa kowe
ora gelem nerangake marang aku kabeh, apa
tegese iki, 19 iku padha sira kandhanana:
Mangkene pangandikane Pangeran Yehuwah:
Ingsun mundhut blabage Yusup -- kang ana
ing tangane Efraim -- kalawan suku-suku
Israel kang padha tetunggalan karo dheweke,
lan Sungandheng karo blabage Yehuda,
Sundadekake blabag siji ana ing astaningSun.
20 Sajrone sira nyekel blabag-blabag kang
sira tulisi ana ing ngarepe wong-wong iku
mau, 21 iku padha sira kandhanana: Mangkene
pangandikane Pangeran Yehuwah: Lah
Ingsun nimbali para wong Israel saka ing
satengahing bangsa-bangsa, kang padha
ditekani, Sunklempakake saka ing ngendi-endi

sarta bakal Sunirid menyang ing tanahe,
22 bakal Sundadekake bangsa siji ana ing
tanahe, ana ing gunung-gununge Israel,
tuwin raja siji kang bakal ngereh wong iku
kabeh; banjur ora dadi bangsa loro maneh
lan ora kabage dadi rong karajan maneh,
23 ora najisake awake maneh kalawan para
brahalane lan dewa-dewane kang marakake
najis sarta kalawan sakehe panerake. Nanging
bakal padha Sunluwari saka ing sakehing
panylewenge kang njalari dosane, apadene
bakal padha Sunresiki satemah banjur bakal
padha dadi umatingSun lan Ingsun bakal dadi
Allahe.
24 AbdiningSun Dawud kang bakal dadi
rajane lan wong-wong mau kabeh bakal
mung duwe pangon siji sarta lakune bakal
manut miturut ing pranatan-pranataningSun
lan bakal padha nglakoni katetepaningSun
kalawan setya.
25 Bakal padha manggon ing
tanah kang Sunparingake marang abdiningSun
Yakub, kang dienggoni dening para leluhure,
iya wong-wong mau, iya anak-anake dalah
para putune lan buyute, kabeh bakal padha
manggon ing kono ing salawas-lawase, lan
abdiningSun Dawud bakal dadi ratune ing
salawas-lawase.
26 Ingsun bakal nganakake
prajanjian karukunan kalawan wong-wong
mau kabeh lan iku bakal dadi prajanjian kang
langgeng. Ingsun bakal mberkahi wong-wong
iku, bakal Sundamel tangkar-tumangkar tuwin
Sunparingi papan pasuceningSun ana ing
tengah-tengahe ing salawas-lawase.
27 Papan

padalemaningSun uga bakal ana ing kono.
Ingsun bakal dadi Allahe sarta dheweke
kabeh bakal dadi umatingSun. 28 Ing kono
para bangsa bakal pada sumurup, manawa
Ingsun, Yehuwah kang nucekake Israel, marga
papan pasuceningSun ana ing satengahe ing
salawas-lawase.”

Pangandikane Sang Yehuwah bab Sang Prabu Gog ing tanah Magog

38:1--39:29

38 1 Nuli ana pangandikane Sang Yehuwah
marang aku mangkene: 2 “He, anaking
manungsa, sira madhepa ngener marang
Gog ing tanah Magog, yaiku maharaja ing
nagara Mesekh lan Tubal tuwin medhara
wangsit nglawan dheweke, 3 sira tutura:
Makaten pangandikanipun Pangeran Yehuwah:
Lah Ingsun bakal dadi mungsuhira, he, Gog
maharaja ing nagara Mesekh lan Tubal. 4 Sira
bakal Sungered kalawan ganthol ing uwangira
lan Sunbekta metu bebarengan kalawan
wadya-balanira, yaiku bala jaranan, kabeh
padha manganggo ganep, golongan gedhe
kang nggawa tameng gedhe lan cilik sarta
asikep pedhang. 5 Wong Persia, Etiopia lan Put
padha mbarengi lakune, kabeh padha nyekel
tameng lan nganggo topong; 6 wong Gomer
dalasan wadya-balane kabeh, Bet-Togarma
saka ing poncot lor dalah sawadya-balane
kabeh, akeh bangsa kang ngeloni sira.
7 Sira mirantia lan cecawisa kalawan kabeh

golongan kang padha ngeloni sira lan sira
dadia pangayomane. 8 Sawise sawatara lawas
sira bakal tampa dhawuh; ing dina kang
wekasan sira bakal teka ing sawijining nagara
kang wus kabangun maneh sawuse rusak
marga saka perang, tuwin sira banjur marani
sawijining bangsa kang diklumpukake saka ing
satengahe para bangsa ing gunung-gununge
Israel kang wus suwe dadi reruntuhan. Bangsa
iki wus kawetokake saka ing satengahe para
bangsa lan kabeh banjur wus padha manggon
kalawan ayem tentrem. 9 Sira nuli jumedhul
kaya angin prahara lan tekanira iku kaya
mendhung kang nutupi salumahing bumi, sira
teka kalawan wadya-balanira kabeh lan akeh
bangsa kang mbiyantu sira.
10 Makaten pangandikanipun Pangeran
Yehuwah: Ing dina iku sira kadunungan niyat
ing sajroning atinira, sira gawe rancangan ala.
11 Sira celathu: Aku arep mangkat nempuh
tanah kang kutha-kuthane tanpa tembok lan
bakal arep nekani wong-wong kang uripe
ayem lan manggon kalawan tentrem; papan
panggonane tanpa tembok utawa palang
lan tanpa gapura. 12 Sira arep ngrerampas
lan ngrerayah lan ngacungake tanganira
marang reruntuhan-reruntuhan kang wus
dienggoni maneh lan nempuh umatingSun
kang kaklumpukake saka ing satengahing
bangsa-bangsa. Wong-wong iku wus padha
duwe raja-kaya lan bandha sarta padha
manggon ing pusering bumi. 13 Nagara Syeba
lan Dedan dalah para wonge kang tuku

barang-barange, nagara Tarsis dalah para
sudagare bakal padha celathu marang sira
mangkene: Tekamu iku apa arep ngrerampas
lan nglumpukake sekuthonmu sumedya
ngrerayah, arep ngangkut salaka lan emas,
arep mbradhat raja-kaya lan bandha sarta
arep njarah-rayah kang akeh banget?
14 Awit saka iku, he, anaking manungsa,
sira medhara wangsit lan tutura marang
Gog: Makaten pangandikanipun Pangeran
Yehuwah: Nalika umatingSun Israel lagi
manggon kalawan ayem tentrem, ing nalika
iku anggonira bakal tumindak
15 lan banjur
teka saka ing panggonanira saka ing lor kang
adoh banget, sira kalawan bangsa akeh kang
mbiyantu sira, kabeh padha nunggang jaran,
golongan kang gedhe lan wadya-bala kang
santosa.
16 Sira mangkat nglawan umatingSun
Israel kayadene mendhung kang nutupi
salumahing bumi. Ing dina kang wekasan iku
bakal kelakon lan Ingsun bakal ngirid sira
nglawan marang tanahingSun, supaya para
bangsa padha wanuh marang Ingsun, yaiku
samangsa Ingsun ngatingalake kasuceningSun
marang sira ana ing ngarepe, heh, Gog.
17 Makaten pangandikanipun Pangeran
Yehuwah: Iya sira iku kang wus
Sunpangandikakake ing wektu-wektu kang
wus kapungkur lumantar para abdiningSun,
yaiku para nabining Israel, kang ing wektu iku
nganti mataun-taun padha memeca, manawa
sira bakal Sunlurugake nglawan marang
umatingSun.
18 Ing nalika iku, yaiku nalika

Ingsun ngirid Gog nglawan marang tanah
Israel -- makaten pangandikanipun Pangeran
Yehuwah -- bakal tuwuh dukaningSun.
Ing sajroning dukaningSun [19] ing sajrone
bentering panggalihingSun lan ing sajrone
mulad-mulading bebenduningSun, Ingsun
bakal ngandika: Ing dina iku mesthi bakal
ana lindhu kang nggegirisi ing tanah Israel.
[20] Iwak-iwak ing sagara, manuk-manuk
ing awang-awang, kewan-kewan ing alas,
sakehing kewan kang gumremet lan sakehing
manungsa kang ana ing bumi bakal padha
gumeter ndeleng pasuryaningSun. Gunung-
gunung bakal padha gugur, peperenging
gunung bakal padha longsor lan saben tembok
bakal ambruk. [21] Ingsun bakal nganakake
samubarang kabeh kang gawe kagete Gog --
makaten pangandikanipun Pangeran Yehuwah
-- satemah pedhang kang siji bakal mangsa
sijine. [22] Ingsun bakal paring paukuman
marang Gog awujud pageblug lan wutahing
getih; Ingsun bakal nganakake udan deres,
udan krikil, udan geni lan udan welirang
kang tumempuh marang dheweke marang
wadya-balane lan marang bangsa akeh
kang padha mbiyantu dheweke. [23] Ingsun
bakal ngatingalake kamulyaningSun lan
kasuceningSun sarta bakal ngatingalake
sariraningSun ana ing sangarepe bangsa akeh,
temah wong-wong bakal padha sumurup,
manawa Ingsun iki Yehuwah.

39 [1] Anadene sira, he anaking manungsa,
sira medhara wangsit nglawan Gog lan

tutura: Makaten pangandikanipun Pangeran
Yehuwah: Lah Ingsun bakal dadi mungsuhira,
he, Gog maharaja ing nagara Mesekh lan
Tubal, 2 lan Ingsun bakal nggered lan nuntun
sira sarta Ingsun bakal ndhatengake sira
saka ing poncot lor lan ngirid sira menyang
ing gunung-gununge Israel. 3 Ingsun bakal
nggebag tanganira kang kiwa, temah
gendhewanira mrucut lan panahira padha
uwal saka ing tanganira kang tengen. 4 Sira
bakal ambruk ana ing gunung-gununge
Israel bebarengan karo wadya-balanira kabeh
lan bangsa-bangsa kang padha mbiyantu
sira, tuwin sira bakal Sunpakakake marang
sawernane manuk-manuk galak lan marang
kewan-kewan galak, dadia memangsane.
5 Sira bakal ambruk ana ing ara-ara, dene
Ingsun kang mangandikakake bab iki,
makaten pangandikanipun Pangeran Yehuwah.
6 Ingsun bakal dhatengake geni kang nempuh
marang Magog lan marang wong-wong kang
padha manggon ing dhaerah pesisir kanthi
tentrem lan ayem. Ing kono banjur bakal
padha sumurup, manawa Ingsun iki Yehuwah.
7 Sarta Ingsun bakal nedahake asmaningSun
kang suci ana ing satengahing umatingSun
Israel lan Ingsun ora bakal marengake maneh
asmaningSun kang suci kanajisake, satemah
para bangsa bakal padha sumurup, manawa
Ingsun iki Yehuwah, Kang Mahasuci ing Israel.
8 Lah iku mesthi bakal teka lan bakal kelakon,
yaiku dina kang wus Sunpangandikakake iku.

9 Anadene kang manggon ing kutha-kuthane
Israel bakal padha metu sarta banjur
ngurubake geni lan ngobong sakehing
gegamane Gog, yaiku tameng cilik lan gedhe,
gandhewa lan panah, penthung lan tumbak,
sarta anggone ngobong iku lawase pitung
taun. 10 Wong-wong mau ora bakal njupuk
kayu saka ing alas trataban utawa nyigari kayu
obong ana ing alas, amarga anggone padha
ngurubake geni iku nganggo gegamane mau.
Sabanjure bakal padha ngrampas kang biyen
ngrampas wong-wong mau lan njarah-rayah
kang biyen njarah-rayahi wong-wong mau.
Makaten pangandikanipun Pangeran Yehuwah.
11 Ing dina iku Ingsun bakal maringi papan
marang Gog kang bakal kanggo ngubur
dheweke ana ing Israel, yaiku Lembah
Panyabrangan ing sisih wetane sagara, lan
kuburan iku bakal ngalang-alangi wong-wong
kang padha nyabrang. Gog lan sakehe
golongane bakal kakubur ana ing kono sarta
papan iku bakal kasebut Lembah Golongane
Gog. 12 Para turune Israel anggone ngubur
wong-wong mau lawase pitung sasi, karepe
kanggo ngresikake tanah kono. 13 Sakehe
pendhudhuk nagara padha melu ngubur
lan bab iku ndadekake kondhange ing dina
anggoningSun ngatingalake kamulyaningSun.
Makaten pangandikanipun Pangeran Yehuwah.
14 Ana wong sawatara kang mligi diwajibake
mider-mider ing satanah kabeh prelu nguburi
wong-wong kang isih glimpangan ana ing
lemah supaya tanah kono dadi resik. Sawuse

pitung sasi tanahe bakal katiti-priksa.
15 Manawa sajrone mubeng-mubeng iku ana kang weruh balung manungsa, ing sandhinge banjur diselehi watu kanggo tetenger nganti satekane tukang-tukang kubur, kang nuli ngubur balung mau ana ing Lembah Golongane
Gog. 16 -- Uga ana kutha kang aran Hamona --. Kaya mangkono anggone padha ngresiki tanah kono.

17 Dene sira, anaking manungsa, mangkene pangandikane Pangeran Yehuwah: Sira tutura marang sawernaning manuk lan sakehing kewan galak: Padha nglumpuka lan mrenea, padha nglumpuka mrene saka ing ngendi-endi, ing pesta kurban kang Sunanakake kanggo sira kabeh, yaiku pesta kurban kang gedhe ing gunung-gununge Israel; sira bakal padha
mangan daging lan ngombe getih. 18 Daginge
para pahlawan kang bakal sira pangan lan getihe para panggedhening jagad kang bakal sira ombe; iku kabeh kayadene wedhus gembel lanang, cempe wedhus gembel, wedhus jawa lanang lan sapi lanang, raja-kaya
lemon saka ing Basan. 19 Sira bakal padha
mangan gajih nganti wareg lan ngombe getih nganti sira padha mendem ana ing pesta kurban kang Sunanakake kanggo sira iku.
20 Sira bakal padha dadi wareg anggonira mangan ana ing pestaningSun: jaran dalah kang nunggangi, pahlawan lan sakehing prajurit. Mangkono pangandikane Pangeran Yehuwah.

21 Ingsun bakal nglairake pangwaosingSun
ana ing antarane para bangsa lan iku kabeh
bakal padha sumurup marang paukuman
kang bakal Sundhawahake sarta ndeleng
astaningSun kang bakal Sundhawahake
marang bangsa-bangsa mau. 22 Ing kono
para turune Israel bakal sumurup, manawa
Ingsun iki Yehuwah, Allahe, yaiku wiwit
ing dina iku lan sabanjure, 23 sarta para
bangsa bakal padha sumurup, manawa turune
Israel anggone kabuwang iku marga saka
kaluputane lan marga saka anggone banjur
ora setya marang Ingsun, mulane Ingsun
nutupi pasuryaningSun manawa karo turune
Israel iku, tuwin Ingsun banjur ngulungake
wong-wong iku marang ing tangane para
mungsuhe, kabeh nuli padha mati dening
pedhang. 24 Laras kalawan kanajisan lan
durakane anggoningSun matrapi wong-wong
iku, sarta Ingsun nutupi pasuryaningSun
manawa karo turune Israel iku.
25 Awit saka iku mangkene pangandikane
Pangeran Yehuwah: Ing saikine, Ingsun
bakal mulihake kaanane Yakub lan bakal
nandukake kawelasan marang turune Israel
lan marga saka bentering panggalihingSun,
Ingsun bakal ngekahi asmaningSun kang
suci. 26 Wong-wong iku bakal lali marang
kawirangane lan sakehe tumindake kang
ora setya, kang dilakoni tumrap Ingsun
samangsa wus bali manggon ing tanahe
kalawan tentrem lan ora ana kang njalari
wedine, 27 sarta sawuse Sunpundhut saka ing

satengahe para bangsa lan Sunklempakake
saka ing tanahe mungsuh-mungsuhe tuwin
Ingsun ngatingalake kasuceningSun marang
dheweke kabeh ana ing ngarepe para bangsa
kang akeh. 28 Ing kono banjur bakal padha
sumurup, manawa Ingsun iki Yehuwah,
Allahe, kang mbekta menyang ing tanah
pambuwangan ing satengahe para bangsa lan
kang nglempakake maneh ana ing tanahe
tuwin kang ora marengake siji bae keri ana
ing kana. 29 Ingsun ora nutupi pasuryaningSun
maneh tumrap wong-wong iku, samangsa
Ingsun ngesokake RohingSun marang turune
Israel. Mangkono pangandikane Pangeran
Yehuwah.”

Gapura lan platarane Padaleman Suci kang anyar

40:1-47

40 1 Ing taun kang kaping selawe sawuse
aku padha kabuwang yaiku ing
wiwitaning taun, ing tanggal sapuluh sasi
iku, ing taun kang kaping patbelas sawuse
kutha iku katelukake, ing dina iku uga
pangwaose Sang Yehuwah nglimputi aku,
aku kabekta 2 menyang ing tanah Israel ing
sajrone wahyuning Allah lan aku kapapanake
ing gunung kang dhuwur banget. Ana ing
dhuwur kono ing ngarepku ana rerupan
wujude kaya kutha. 3 Aku nuli kabekta mrana.
Tumuli lah ana sawijining priya kang katon
kaya tembaga, astane nyepeng tali lena

lan teken ukuran; priya iku jumeneng ana
ing gapura. 4 Iku banjur ngandika marang
aku: “He, anaking manungsa, waspadakna
kalawan tliti, rungokna lan gatekna kang
temenan samubarang kabeh kang bakal
daktuduhake marang kowe; amarga iya iku
prelune anggonmu kabekta mrene, yaiku
supaya aku nuduhake iku kabeh marang kowe.
Kabeh kang kokdeleng iki caritakna marang
turune Israel.”
5 Lah ing sajabane padaleman ana temboke
mubeng ngupengi padaleman iku. Astane priya
mau nyepeng teken ukuran, kang dawane
nem asta -- asta ing kene padha karo asta
lumrah punjul satebah --. Priya mau nuli
ngukur temboke, kandele sateken lan dhuwure
sateken.
6 Bareng rawuh ing gapura kang marep
mangetan, banjur minggah ing undhak-
undhakane lan ngukur tlundhaging gapura
tinemu ambane sateken. 7 Nuli ngukur kamar
panjagan, dawane sateken, ambane sateken,
dene lete kamar panjagan siji lan sijine ana
limang asta. Tlundhaging gapura ing sisih
jero, kang cedhak karo bangsaling gapura
iku sateken. 8 Tumuli ngukur bangsaling
gapura: wolung asta, 9 lan sakehing temboke
rong asta; bangsal iku ana ing sisih njero.
10 Ing sakiwa-tengene gapura ing sisih
wetan mau ana kamare panjagan telu-telu
kang ukurane padha, dene sakane tembok
ing sisih loro-lorone ukurane iya padha.
11 Banjur ngukur plonging gapura: ambane

sisih njero sapuluh asta lan ambane sisih
njaba telulas asta. [12] Peranganing ngarep
kamar-kamar panjagan mau ing sisih kiwa
tengen ana temboke let-letan, ambane
saasta. Dene ukurane kamar panjagan iku
alang-ujure ngenem asta. [13] Nuli ngukur
gapura mau, wiwit temboke mburi kamar
panjagan kang siji tekan temboke mburi
kamar panjagan sijine, ngliwati lawanging
let-letan loro-lorone: ambane selawe asta.
[14] Bangsaling gapura uga kaukur: rong
puluh asta; ing sakubenge bangsal iku ana
plataranе. [15] Wiwit ngarep gapura ing njaba
nganti tekan bangsal sisih njero: seket asta.
[16] Ing sakubenge gapura iku ing perangan
njero ana cendhela-cendhelane mawa blabag
sap-sapan, yaiku ing kamar-kamar panjagan
lan ing tembok-temboke, mangkono uga ing
bangsaling gapura. Saka-sakaning tembok
mawa gambar wit kurma ukir-ukiran.

[17] Aku banjur kabekta menyang ing plataran
njaba, lah ing sakubenge plataran kono ana
kamar-kamare, gunggunge telung puluh.
Lan kamar-kamar iku dumunung ana ing
sadhuwure srasahan. [18] Srasahan iku ana ing
sakiwa-tengene gapura, trep karo dawaning
gapura. Iku srasahan ing ngisor. [19] Ambaning
plataran mau nuli kaukur wiwit saka ing sisih
njerone gapura ngisor nganti tekan ing sisih
njabane gapura njero: satus asta.

Panjenengane nuli lumampah ana ing
ngarepku mangalor [20] lah ing kono ana gapura
kang madhep ngalor, dumunung ing plataran

njaba. Amba-dawane banjur kaukur. 21 Kamare
panjagan telu sisih kene lan iya telu sisih
kono, saka-sakaning tembok lan bangsaling
gapura ukurane padha karo gapura kapisan:
dawane seket asta lan ambane salawe asta.
22 Cendhela-cendhelane, bangsaling gapura
lan gambar-gambare wit kurma ukurane uga
padha karo gapura kang marep mangetan.
Wong bisane munggah mrono ngliwati
undhak-undhakan pitu, dene bangsale gapura
ana ing sisih njero. 23 Ing plataran njero ana
gapurane kang arep-arepan karo gapura lor,
kayadene gapura wetan; panjenengane nuli
ngukur wiwit ing gapura kang siji tekan ing
gapura candhake: satus asta.

24 Sawuse mangkono aku banjur kabekta
mangidul, lah ing kono ana gapura kang
madhep ngidul; kamar-kamare panjagan,
saka-sakane temboke lan bangsal-bangsaling
gapurane tumuli kaukur, ukurane padha bae
karo liya-liyane. 25 Ing sakubenge gapura kono
lan ing bangsaling gapurane ana cendhela-
cendhelane, kang padha karo liya-liyane;
gapura iku dawane seket asta lan ambane
salawe asta. 26 Undhak-undhakane mrono
ana pitu, dene bangsale gapura ana ing sisih
njero. Gapura iku ing saka-sakaning temboke,
uga ana gambare wit kurma ukir-ukiran, ing
sisih kene sauwit ing sisih kono sauwit. 27 Ing
peranganing plataran njero sisih kidul uga ana
gapurane. Panjenengane banjur ngukur wiwit
gapura kang siji tekan ing gapura candhake
ing sisih kidul: satus asta.

28 Aku banjur dibekta menyang ing plataran
njero ngliwati gapura kidul lan panjenengane
tumuli ngukur gapura iku, ukurane padha bae
karo liya-liyane. 29 Kamar-kamare panjagan,
saka-sakane temboke lan bangsale gapura
ukurane padha bae karo liya-liyane. Ing
sakubenge gapura mau lan ing bangsale
gapurane ana cendhela-cendhelane; dawane
gapura iku seket asta dene ambane salawe
asta. -- 30 Ing sakubenge ana bangsal-
bangsale, dawane selawe asta lan ambane
limang asta. -- 31 Bangsale dumunung ana ing
plataran njaba lan ing saka-sakaning temboke
ana gambare wit kurma ukir-ukiran, dene
undhak-undhakane munggah ana wolu.
32 Aku nuli dibekta menyang ing plataran
njero sisih wetan lan panjenengane banjur
ngukur gapura kang ana ing kono, tinemune
ukurane padha bae karo liya-liyane. 33 Kamar-
kamare panjagan, saka-sakane tembok
sarta bangsale gapura ukurane padha bae
karo liya-liyane. Ing sakubenge gapura
lan bangsale ana cendhelane; gapura iku
dawane seket asta lan ambane salawe asta.
34 Bangsale dumunung ana ing plataran
njaba lan ing saka-sakaning temboke ana
gambare wit kurma ukir-ukiran, dumunung
ana ing sisih kene lan ing sisih kanane, dene
undhak-undhakane munggah ana wolu.
35 Aku banjur dibekta menyang ing gapura
lor, gapura iki nuli kaukur, tinemune padha
bae karo liya-liyane. 36 Kamar-kamare
panjagan, saka-sakane temboke lan bangsale

ukurane padha bae karo liya-liyane, tuwin
ing sakubenge ana cendhela-cendhelane;
gapura iku dawane seket asta, ambane salawe
asta. 37 Bangsale dumunung ana ing plataran
njaba, tuwin ing saka-sakaning temboke ana
gambare wit kurma ukir-ukiran, dumunung
ing sisih kene lan ing sisih kanane, dene
undhak-undhakane munggah ana wolu.
38 Ing kono uga ana kamare siji, kang
lawange dumunung ing bangsal, iku papan
kanggo ngumbah kurban obaran. 39 Ing
sajroning bangsal kono ing sisih kenene ana
mejane loro, iku kanggo nyembeleh kurban
obaran, kurban pangruwating dosa lan kurban
dhendha. 40 Ing sisih kiwane bangsal sisih
njaba ana mejane loro, tuwin ing sisih tengene
bangsal iku uga ana mejane loro. 41 Dadi ing
gapura kono ing sisih kiwi lan ing sisih tengene
ana mejane papat-papat, gunggung ana
wolu; iku kanggo nyembeleh kurban. 42 Uga
ana mejane papat maneh kanggo kurban
obaran, kang digawe watu tatahan. Dawane
karo tengah asta, ambane karo tengah asta
lan dhuwure saasta. Iku kanggo ndekek
piranti nyembeleh kurban obaran lan kurban
sembelehan. 43 Ing sakubenge panggonan
kono ana canthelan-canthelan kang dawane
nyatebah; meja-meja iku kanggo nyelehake
daging kurban.
44 Aku banjur kabekta menyang ing plataran
njero, lah ing kono ana kamare loro, kang siji
dumunung ing sandhing gapura lor, marep
mangidul, sijine sandhing gapura kidul,

marep mangalor. 45 Aku nuli dipangandikani
mangkene: “Kamar kang marep mangidul iki
papane para imam kang nindakake kawajiban
ana ing Padaleman Suci, 46 lan kamar kang
marep mangalor iku papane para imam kang
nindakake kawajiban ana ing misbyah. Iku
kabeh turune Zadhok lan iya mung golongan
iki saka ing panunggalane turune Lewi kang
diparengake cedhak karo Sang Yehuwah prelu
nganakake pangibadah.” 47 Plataran njero
nuli kaukur: iku pesagi, dawane satus asta,
ambane uga satus asta; misbyahe ana ing
sangareping Padaleman Suci.

Padaleman Suci kang anyar

40:48--41:26

48 Aku tumuli kabekta menyang ing
bangsaling Padaleman Suci, lan panjenengane
banjur ngukur saka-sakaning temboke:
kandele ing sisih kene limang asta ing sisih
kana uga limang asta, ambane lawange
patbelas asta, dene temboke ing sandhinge
nelung asta. 49 Padaleman Suci iku dawane
rong puluh asta, ambane rolas asta. Wong
kang munggah mrono ngliwati undhak-
undhakan sapuluh lan sacedhake sakaning
tembok loro-lorone mau ana sakane maneh
loro, ing sisih kene siji ing sisih kana uga siji.

41 1 Aku banjur kabekta menyang ing
sajroning bangsal gedhe ing Padaleman
Suci kono sarta panjenengane ngukur
sakaning temboke: kandele ing sisih kene

enem asta, ing sisih kanane uga enem asta.
2 Ambane lawange sapuluh asta lan ambane
tembok sandhinge ing sisih kene limang asta,
ing sisih kana uga limang asta. Dawaning
bangsal gedhe iya kaukur; patang puluh asta,
dene ambane rong puluh asta. 3 Panjenengane
nuli lumebet ing kamar njero. Sakaning
temboke banjur kaukur: kandele rong asta,
dene ambane lawange dhewe: enem asta,
tuwin tembok ing sandhinge ing sisih kene
pitung asta, ing sisih kanane pitung asta.
4 Tumuli ngukur kamar njero mau, dawane
rong puluh asta, ambane rong puluh asta
padha karo ambane bangsal gedhe. Aku
nuli dipangandikani mangkene: “Iki papan
Sucining Suci.”
5 Panjenengane banjur ngukur tembok ing
Padaleman Suci iku: kandele enem asta lan
ambane kamar tambahan kang tinemu ing
sakubenge Padaleman Suci mau, patang
asta. 6 Kamar-kamar tambahan iki sungsun
telu lan saben larik kamare telung-puluh.
Ing sakubenge Padaleman Suci temboke ana
lowah-lowahane kang diedegi kamar-kamar
tambahan mau, supaya padha dadi santosa,
amarga kamar-kamar mau ora digandheng
karo temboking Padaleman Suci. 7 Sabanjure
kamar-kamar tambahan mau wiwit ing larikan
ngisor nganti larikan kang katelu, saya gedhe
saya gedhe, laras karo lowah-lowahane
kang saya munggah iya saya amba ana
ing larikan ing dhuwur ngliwati larikan
tengah. 8 Ing sapandelengku dhasaring

Padaleman Suci luwih dhuwur tinimbang
ing sakubenge. Dhasaring kamar-kamar
tambahan iku ukurane sateken trep, dadi
dhuwure enem asta. 9 Kamar tambahan iku
temboke sing njaba kandele limang asta,
peranganing dhasare Padaleman Suci kang
ora ana apa-apane iku ambane limang asta.
Ing antarane dhasare gedhong-gedhong lan
10 kamar-kamar lete rong puluh asta, iku ing
sakubenge Padaleman Suci kabeh. 11 Lan
lawang-lawang ing kamar tambahan, kang
metune anjog ing perangan kang ora kanggo
apa-apa mau, siji ana ing sisih kidul. Dene
ambane papan kang ora kanggo apa-apa iku
limang asta mubeng.

12 Gedhong kang dumunung ana ing plataran
tutupan ing sisih kulon ambane pitung puluh
asta, dene temboke mubeng kandele limang
asta lan dawane sangang puluh asta.

13 Panjenengane nuli ngukur Padaleman
Suci mau: dawane satus asta, dene plataran
tutupan karo gedhonge lan temboke uga satus
asta; 14 mangkono uga ambane sisih ngarep
Padaleman Suci karo plataran tutupan ing sisih
wetan iya satus asta. 15 Sawuse mangkono
Panjenengane banjur ngukur dawane gedhong
kang ana ing plataran tutupan ing sisih kulon
karo emper-empere ing sisih kiwa tengene,
iku ana satus asta.

Bangsal-agung, bangsal njero lan
pandhapane 16 tinutupan ing blabag lan ing
sakubenge bangsal telu iku ana cendhela-
cendhelane kang mawa klambu, empere uga

ana. Ing ngareping tlundhage Padaleman Suci
iku kabeh katutupan blabag wiwit ing jrambahe
nganti tekan ing cendhela-cendhelane --
cendhela-cendhelane iku padha katutupan
-- [17] malah nganti tekan ing sadhuwuring
lawang lan bangsal njero sarta uga ing njaba.
Temboke perangan njero lan perangan njaba
kabeh [18] rinengga ing gambar-gambar kerub
lan wit kurma ukir-ukiran, ing antarane kerub
loro wite kurma sauwit, sarta kerub iku raine
loro, [19] kang siji arupa rai manungsa, sijine
raining singa kang madhep marang wit kurma;
kaya mangkono iku anggone Padaleman Suci
mau kayasa. [20] Wiwit ing jrambah nganti tekan
ing sadhuwuring lawang temboke rinengga ing
kerub lan wit kurma ukur-ukiran.
[21] Saka-sakaning lawange bangsal-agung
pesagi. Lan ing sangarepe papan Sucining
Suci katon ana rerupan kang memper
misbyah kayu, [22] dhuwure telung asta,
dawane rong asta; pojok-pojoke lan dhasare
sarta gebyog-gebyoge kang digawe kayu.
Panjenengane nuli ngandika marang aku: “Iki
meja kang ana ing ngarsaning Sang Yehuwah.”
[23] Bangsal-agung iku inebing lawange loro
tuwin papan Sucining Suci [24] inebing lawange
uga loro: Ing lawang-lawang kono ana inebe
loro kang bisa mubeng; loro dumunung
ing lawang kang siji lan loro dumunung ing
lawang sijine. [25] Lawang-lawang iki, yaiku
lawang-lawanging bangsal-agung, rinengga
ing kerub lan wit kurma ukir-ukiran kaya
tembok-temboke. Ing sangarepe Padaleman

Suci mau, yaiku ing jaba ana undhak-undhakane kayu. [26] Ing tembok sisih kiwa tengene pendhapa ana cendhela-cendhelane kang mawa klambu lan wit kurma ukir-ukiran.

Kamar-kamaring para imam

42:1-14

42 [1] Aku banjur dibekta menyang ing plataran njaba ing sisih lor menyang ing kamar-kamar kang mangku plataran tutupan lan arep-arepan karo gedhong kang ana ing pojok kulon. [2] Dawane gedhong kamar-kamar iku ing sisih lor satus asta dene ambane seket asta. [3] Arep-arepan karo kang rong puluh asta saka ing plataran jero lan arep-arepan karo srasahan kang dumunung ing plataran njaba ana empere arep-arepan sungsun telu. [4] Ing ngarepe kamar-kamar mau ana dalan kang lumebu ing gedhong, ambane sepuluh asta lan dawane satus asta, dene lawang-lawange mlebu ana ing sisih lor. [5] Kamar-kamar kang ana ing dhuwur iku luwih cilik katimbang kang ana ngisor lan kang ana ing tengahing gedhong mau, amarga emper-empere iku papane luwih amba tinimbang kamar-kamar iku. [6] Sarehne kamar-kamar iku sungsun telu lan ora nganggo saka kaya kang ana ing plataran njaba, mulane kamar-kamar dhuwur luwih cilik tinimbang kamar-kamar ngisor utawa kamar tengah. [7] Ing njaba ana temboke kang sajajar karo larikaning kamar-kamar, dunungе ana ing sacedhake plataran njaba ana

ing sangarepe kamar-kamar; dawane seket
asta. 8 Dene dawane larikan kamar-kamar ing
sapinggiring plataran njaba iku iya seket asta,
nanging larikan kamar-kamar kang marep
menyang ing Padaleman Suci iku satus asta.
9 Kamar-kamar iki ing ngisor ana lawange
lumebu saka ing wetan, yaiku manawa wong
saka ing plataran njaba kepengin lumebu,
10 dene dununge lawang iku ana ing wiwitaning
tembok njaba.
Ing sisih kidul ing sangarepe plataran
tutupan lan ing sangarepe gedhong ing pojok
kulon uga ana kamar-kamare 11 tuwin ing
ngarepe ana gange. Kamar-kamar iki wujude
padha karo kang ana ing sisih lor, iya dawane
lan ambane, iya lawang-lawange metu, lan
pasang-rakite. Lawang-lawange mlebu ing
sisih lor 12 iya padha karo lawang-lawang
lumebu ing kamar-kamar kang ana ing sisih
kidul. Ing wiwitaning dalan kang ana ing sisihe
tembok uga ana lawange, yaiku lawang kang
kanggo ing wong kang kepengin lumebu ing
kamar saka ing wetan.
13 Aku banjur dipangandikani mangkene:
"Kamar-kamar ing sisih lor lan kidul kang
mangku plataran tutupan, iku kamar-kamar
suci, panggonane para imam kang sowan ing
ngarsaning Sang Yehuwah padha mangan
atur-atur kang suci linuwih. Ana ing kono
iku anggone padha ndekek atur-atur kang
suci linuwih, kurban dhaharan, kurban
pangruwating dosa lan kurban dhendha,
amarga papan iku suci. 14 Manawa para

imam lumebu ing pasucen, ora bakal metu menyang ing plataran njaba, sadurunge cucul sandhangan ana ing kono yaiku sandhangane kang dianggo nalika nganakake pangibadah, amarga sandhangan mau suci. Mulane kudu nganggo sandhangan liyane, sawuse mangkono lagi kena menyang ing panggonane umate Sang Yehuwah.”

Ukuran-ukuraning wewengkone Padaleman Suci

42:15-20

15 Sawise rampung anggone ngukur gedhong-
gedhong ing jero kabeh, aku banjur kabekta
menyang ing gapura kang marep mangetan,
nuli panjenengane ngukur wewengkone
Padaleman Suci mau.
16 Sisih wetan kaukur
nganggo teken ukuran: limang atus asta
manut teken ukuran iku. Panjenengane
tumuli pindhah
17 lan ngukur sisih lor: limang
atus asta manut teken ukuran. Nuli pindhah
maneh
18 lan ngukur sisih kidul: limang atus
asta manut teken ukuran.
19 Banjur pindhah
mangulon nuli ngukur: limang atus asta manut
teken ukuran.
20 Sisihe papat pisan kaukur.
Ing sakubenge wewengkon iku ana temboke:
dawane limang atus asta lan ambane limang
atus asta. Iku kanggo misahake kang suci
karo kang ora suci.

Sang Yehuwah kondur menyang ing Padaleman Suci kalawan kamulyan

43:1-12

43 [1] Aku banjur kabekta menyang ing
gapura, yaiku gapura kang marep
mangetan. [2] Lah kamulyaning Allahe Israel
rawuh saka ing wetan banjur keprungu swara
kaya kumrasaking grojogan lan bumi katon
mencorong marga saka kamulyane. [3] Kang
dakdeleng nalika Sang Yehuwah rawuh prelu
nyirnakake kutha iku lan kaya kang dakdeleng
ana ing pinggiring kali Kebar, mulane aku
banjur sujud. [4] Nalika kamulyaning Sang
Yehuwah lumebet ing Padaleman Suci,
nglangkungi gapura kang marep mangetan.
[5] Sang Roh mau tumuli njunjung aku lan
mbekta aku menyang ing plataran njero,
lah, Padaleman Suci iku kapenuhan ing
kamulyaning Sang Yehuwah. [6] Aku banjur
krungu Panjenengane mangandikani aku
saka ing sajroning Padaleman Suci -- priya
kang ngukur Padaleman Suci mau jumeneng
ing sandhingku -- [7] mangkene pangandikane
Sang Yehuwah marang aku: “He, anaking
manungsa, iku dhamparingSun lan papaning
tlapakaningSun; Ingsun bakal dedalem ana
ing kene ana ing satengahing wong Israel,
ing salawas-lawase sarta turune Israel ora
bakal najisake maneh asmaningSun kang suci,
iya wong-wong iku kabeh, iya para rajane,
kalawan anggone laku jina utawa kalawan

mayite para rajane kang wis padha mati; 8 uga
ora kalawan mrenahake tlundhaging lawange
cedhak ing tlundhaging lawangingSun utawa
ngedegake saka-sakaning lawange cedhak ing
saka-sakaning lawangingSun, nganti mung
tembok kang misahake Ingsun lan wong-wong
mau. Anggone najisake asmaningSun kang
suci kalawan tingkah-polahe kang nistha,
mulane marga saka dukaningSun banjur
Suntumpes. 9 Saiki bakal padha ngedohake
anggone ora setya lan mayite para rajane
saka ing ngarsaningSun, tuwin Ingsun
bakal dedalem ana ing satengahe ing
salawas-lawase.

10 Anadene sira, he, anaking manungsa,
sira nerangna marang turune Israel bab
Padaleman Suci iki, supaya padha wirang
nyumurupi kaluputan-kaluputane; uga bab
wujude lan tata-rakite Padaleman Suci
iku. 11 Dene manawa padha rumangsa
wirang nyumurupi samubarang kabeh kang
katindakake, Padaleman Suci iku gambaren,
perang-perangane, lawang-lawange metu lan
lawang-lawange lumebu sarta wujud-wujude
kabeh; padha sira sumurupna marang
sakehing pranatane lan angger-anggere sarta
iku tulisen ana ing ngarepe, supaya banjur
padha nglakoni sakehing angger-anggere lan
pranatane kalawan setya. 12 Iki katemtuane
tumrap Padaleman Suci iku: wilayah ing
pucaking gunung iku kabeh suci linuwih. Lah
yaiki katemtuan tumrap Padaleman Suci iku.”

Ukuraning misbyah lan anggone karesmekake

43:13-27

13 Iki ukuran-ukuraning misbyah nganggo
ukuran asta, yaiku asta kang dawane padha
karo asta lumrah katambahan satebah: kalene
jerone saasta, ambane saasta sarta ing
sakubenge kalen mau pinggirane dhuwure
satebah. Iki dhuwure misbyah iku: 14 saka ing
dhasare ing lemah nganti tekan ing wengku
ngisor ana rong asta lan ambane wengku mau
saasta. Saka ing wengku ngisor nganti tekan
ing wengku dhuwur ana patang asta dene
wengkune ambane uga saasta. 15 Prapen mau
dhuwure patang asta lan ana sungune papat.
16 Prapene dawane rolas asta lan ambane rolas
asta, dadine pesagi. 17 Wengkune prapen iku
dawane patbelas asta lan ambane patbelas
asta, dadi uga pesagi. Ing sakubenge misbyah
mau ana kalene, kang ambane saasta tuwin
ing sakubenge kalen iku ana pinggirane, kang
ambane satengah asta. Undhak-undhakane
misbyah dumunung ing sisih wetan.
18 Aku banjur dipangandikani: “He, anaking
manungsa, mangkene pangandikane
Pangeran Yehuwah: pranatan tumrap
misbyah iku mangkene: Manawa wus
rampung panggawene lan bakal kawiwitan
nyaosake kurban obaran ana ing kono sarta
bakal nyiramake getih, 19 para imam trah
Lewi turune Zadhok sira wenehana sapi

lanang siji kang isih enom kanggo kurban
pangruwating dosa, amarga iya wong-wong
iku kang Sunparengake sowan marang ing
ngarsaningSun prelu ngunjukake pangabekti.
Mangkono pangandikane Pangeran Yehuwah.
20 Lan sira njupuka getih iku sathithik nuli
leletna ing sunguning misbyah papat pisan
tuwin ing pojoke papat kubenge sarta ing
pinggire mubeng; kaya mangkono anggonira
nucekake misbyah mau lan anggonira
nganakake pirukun tumrap iku. 21 Sira
banjur njupuka sapi lanang kanggo kurban
pangruwating dosa mau, iku kudu kaobong
ana ing panggonan kang wus katemtokake ing
wewengkone Padaleman Suci, ing sajabane
pasucen. 22 Ing dina kang kapindho sira
misungsungna wedhus lanang kang tanpa
cacad minangka kurban pangruwating dosa
lan misbyahe sira sucekna kaya nalika
disucekake kalawan sapi lanang. 23 Sawuse
sira ngrampungake upacara pasucen sira
misungsungna sapi lanang enom kang tanpa
cacad siji lan wedhus gembel lanang siji
panunggalane wedhus-wedhus gembel kang
tanpa cacad. 24 Iku gawanen marang ing
ngarsane Sang Yehuwah lan imam-imam
banjur padha nguwur-uwurana uyah kewan-
kewan iku nuli iku kapisungsungna minangka
kurban obaran marang Sang Yehuwah. 25 Ing
sajroning pitung dina ing saben dinane
sira olaha wedhus siji minangka kurban
pangruwating dosa; sira uga olaha sapi lanang
enom siji lan wedhus gembel lanang siji

panunggalane wedhus-wedhus kang tanpa
cacad. 26 Pitung dina lawase anggone kudu
nebus lan nucekake misbyah iku; mangkono
iku patrape anggone ngresmekake misbyah
mau. 27 Sawuse mungkasi pitung dina mau,
ing dina kawolu lan sateruse imam-imam
padha nyaosna kurban-kurbanira obaran lan
kurban-kurban kaslametanira ana ing misbyah
kono; ing kono Ingsun bakal karenan menggah
ing sira kabeh. Mangkono pangandikane
Pangeran Yehuwah."

Gapura wetan kang mineb

44:1-3

44 1 Sawuse mangkono panjenengane
mbekta wangsul aku menyang ing
gapurane njaba pasucen, kang marep
mangetan; gapura iki mineb. 2 Sang Yehuwah
banjur ngandika marang aku: "Gapura iki kudu
terus mineb, ora kena menga lan aja nganti
ana wong kang lumebu mrene, sabab Sang
Yehuwah, Allahe Israel, wus lumebet miyos
ing kene; mulane gapura iki kudu terus mineb.
3 Mung Sang Prabu sarehne jumeneng raja,
diparengake lenggah ing kono lan dhahar ana
ing ngarsane Sang Yehuwah. Sang Prabu iku
bakal lumebet miyos ing bangsaling gapura
sarta anggone tedhak iya miyos ing kono."

Pituduh bab tata pangibadah lan bab para imam

44:4-31

4 Aku banjur kabekta ngliwati gapura lor
menyang ing sangarepe Padaleman Suci; aku
nyumurupi lah Padalemane Sang Yehuwah
kapenuhan ing kamulyane Sang Yehuwah; aku
nuli sujud nyembah. 5 Sang Yehuwah ngandika
marang aku: “He, anaking manungsa,
waspadakna kang temenan, delengen kalawan
tliti lan rungokna kalawan terwaca samubarang
kabeh kang bakal Sunpangandikakake marang
sira bab pranatan-pranataning Padalemane
Sang Yehuwah lan sakehing angger-anggere
sarta gatekna temenan sapa kang diparingake
lumebu tuwin sapa kang kudu kabalekake
saka ing papan suci iku. 6 Sira celathua
marang golongan pembrontak, yaiku
turune Israel: Mangkene pangandikane
Pangeran Yehuwah: He, turune Israel,
panggawenira kang nistha iku wus cukup,
7 yaiku anggonira nglilani wong-wong manca,
wong-wong kang ora tetak mungguh ing
ati lan badane, lumebu ing pasuceningSun
lan marga saka mangkono padha najisake
pasucen iku nalika sira padha ngunjukake
dhaharaningSun, yaiku gajih lan getih.
Marga saka panggawenira kang mangkono
iku sira padha ngrusak prajanjianingSun
ngluwihi sakehing pratingkahira kang nistha
kang uwis-uwis. 8 Sira ora padha rumeksa

marang barang-barangingSun kang suci
sarta sira padha ngangkat wong-wong mau
sira dadekake kang nindakake kawajibanira
marang Ingsun ana ing pasuceningSun.
9 Marga saka iku mangkene pangandikane
Pangeran Yehuwah: Wong-wong manca
kang atine lan badane ora katetakan, siji
bae ora ana kang kaparengake lumebu ing
pasuceningSun, yaiku saben wong manca
kang ana ing satengahe wong Israel.
10 Dene
wong-wong Lewi kang ngedohi Ingsun nalika
Israel tumindak mblasar nilar Ingsun, ngenut
brahala-brahalane, iku kang padha nanggung
paukumane.
11 Ana ing pasuceningSun iya para
wong Lewi iku kang nduweni kawajiban jaga
ana ing gapura-gapuraning Padaleman Suci;
iya wong-wong iku kang kawajiban nyembeleh
kurban obaran lan kurban sembelehan kanggo
bangsa iku tuwin nindakake kawajiban kanggo
bangsa iku minangka anggone leladi marang
bangsa iku.
12 Ing sarehne para wong Lewi iku
wus leladi marang bangsa iku, ana ing ngarepe
para brahalane, tuwin tumraping turune Israel
banjur wus dadi sandhungan, kang njalari
tumibane ing kaluputan, iya marga saka iku
Ingsun supaos tumrap wong-wong iku --
mangkono pangandikane Pangeran Yehuwah
-- wong-wong iku bakal nanggung paukumane
dhewe.
13 Ora bakal padha sowan ing
ngarsaningSun prelu nindakake pagaweaning
imam ana ing ngarsaningSun utawa iya ora
bakal nyedhaki sakehing barangingSun kang
suci tuwin pisungsung-pisungsung kang suci

linuwih; bakal padha nanggung kawirangane
kang marga saka pratingkah-pratingkahe
kang nistha. 14 Mulane wong-wong iku mung
bakal Suntetepake dadi kang padha nyambut
gawe ana ing Padaleman Suci lan leladi ing
bab samubarang kabeh kang gegayutan karo
iku sarta nindakake samubarang kabeh kang
prelu ana ing kono.
15 Nanging para imam, wong Lewi turune
Zadhok, kang nindakake kawajiban-kawajiban
ana ing pasuceningSun, nalika wong Israel
padha mblasar nilar Ingsun, iya para wong iku
kang bakal sowan ing ngarsaningSun prelu
ngunjukake marang Ingsun gajih lan getih.
Mangkono pangandikane Pangeran Yehuwah.
16 Wong-wong iku kang bakal sowan ing
ngarsaningSun prelu nindakake pangibadah
lan kang bakal nindakake kawajibane kagem
Ingsun.
17 Manawa para imam arep lumebu
ngliwati gapura-gapura plataran njero,
kudu manganggo sandhangan lena, ora
kena manganggo sandhangan wulu wedhus
yen pinuju nindakake kawajiban ana ing
gapura-gapura ing plataran njero utawa
pinuju nindakake tata-pangibadah ana ing
Padaleman Suci. 18 Kudu nganggo serban
lena lan clana lena sarta aja nganti nganggo
sabuk kang marakake kringeten. 19 Manawa
metu menyang ing plataran njaba nemoni
umat kagungane Sang Yehuwah, kudu
cucul sandhangane kang dianggo nalika
nindakake pangibadah, iku kudu kasimpen

ing kamar-kamar suci, banjur nganggo
sandhangan liyane, supaya umat iku aja dadi
suci amarga kagepok dening sandhangan
mau. [20] Ora kena gundhul nanging iya ora
kena gondrong, kudu diingu cendhak! [21] Para
imam ora kena ngombe anggur, manawa
arep lumebu ing plataran njero. [22] Randha
utawa wong wadon kang wus kapegat dening
sing lanang ora kena dipek bojo, nanging
mung prawan turune Israel utawa randhaning
imam, iku kena dipek bojo. [23] Para imam
iku kudu mulang marang umatingSun bab
beda-bedane kang suci lan kang ora suci
sarta nerangake beda-bedane kang najis lan
kang ora najis. [24] Manawa ana prakara kudu
tumindak dadi hakim sarta anggone ngakimi
kudu manut ing pranatan-pranataningSun. Ing
dina-dina gedhe kagunganingSun para imam
kudu nindakake angger-anggeringSun lan
katetepan-katetepaningSun sarta dina-dina
Sabatingsun kudu disucekake. [25] Para imam
ora kena ndeleng mayit amarga jalaran saka
mangkono wong-wong mau banjur dadi
najis. Kenane najisake awake mung tumrap
mayite bapakne, ibune, anake lanang utawa
wadon, kakangne utawa adhine lanang,
mbakyune utawa adhine wadon kang durung
omah-omah. [26] Sawuse nucekake awake
banjur ngetunga pitung dina engkas, [27] dene
ing dina lumebune ing pasucen maneh,
menyang ing plataran njero prelu nindakake
tata-pangibadah ing pasucen, kudu ngaturake

kurban pangruwating dosane. Mangkono
pangandikane Pangeran Yehuwah.
[28] Para imam ora oleh panduman pusaka,
amarga Ingsun kang dadi pusakane, sarta aja
diwenehi tanah ana ing Israel, awit Ingsun
kang dadi pandumane. [29] Sesaosan, kurban
pangruwating dosa lan kurban dhendha
iku kang kena mangan mung para imam,
mangkono uga kabeh kang kamligekake
ana ing tanah Israel, iku dadi pandumane.
[30] Sabanjure apa kang becik dhewe tumrap
pembarepe apa bae lan sakehe sesaosan mligi
apa bae, sakehe sesaosanira kang kusus iku
dadi pandumane para imam; uga glepungira
gandum kang becik dhewe iku kudu sira
wenehake marang imam, supaya anakira
oleha berkah. [31] Sakehing manuk utawa kewan
kang wus mati, utawa sisaning kewan galak
iku ora kena kapangan dening para imam."

Pisungsung kusus

Bageane kutha

Bageane raja

45:1-8

45 [1] "Manawa sira padha mbage-mbage
nagara iku dadi tanah-pusakanira kanthi
patrap kaundhi, sira mligekna saperanganing
tanah iku dadi pisungsung mligi kang suci
kagem Sang Yehuwah, dawane salawe ewu
asta lan ambane rong puluh ewu asta. Tanah

kang ana ing jerone wates iki kabeh iku suci.
2 Tanah iku anaa kang kasadhiyakake kanggo
pasucen, wujude pesagi papat, dawane lan
ambane nglimang atus asta lan ing sakubenge
anaa lowahane kang ambane seket asta. 3 Ing
tanah kang wus kaukur mau sira ngukura
saperangan kang dawane salawe ewu asta
lan ambane sapuluh ewu asta: iya ing kono
iku dununge pasucen tuwin perangan iki
Sucining Suci. 4 Iki perangan kang suci tumrap
tanah iku lan dadi papaning para imam kang
nindakake tata-pangibadah ing pasucen, kang
padha sowan leladi marang Sang Yehuwah.
Iku papan pomahane para imam lan dadi
wewengkon suci tumrap ing pasucen. 5 Kang
dawane salawe ewu asta lan ambane sapuluh
ewu asta iku dadi darbeke wong-wong Lewi
kang kawajibane leladi ana ing Padaleman
Suci; iku kutha-kuthane, papan panggonane.
6 Kang dadi duweking kutha iku sira temtokna:
ambane limang ewu asta, dawane salawe ewu
asta lan adu wates karo pisungsung mligi kang
suci mau. Iku kanggo turune Israel kabeh.
7 Anadene bageaning raja iku kudu dumunung
ana ing sakulone lan sawetane pisungsung
mligi kang suci lan duweke kutha iku kudu adu
wates karo perangan loro mau. Sisihe kulon
kudu nganti tekan wates kulon lan sisihe wetan
kudu tekan wates wetan. Dadi dawane kudu
padha karo dawane bageane taler Israel siji,
yaiku wiwit wates kulon nganti tekan wates
wetan ing nagara iku. 8 Iku kang dadi bageane
ana ing tanah Israel. Lan para raja Israel ora

bakal nindhes umatingSun maneh sarta bakal padha masrahake nagara iku marang turune Israel manut taler-talere.”

Kawajibane umating Yehuwah lan tanggung-jawabe raja

45:9-17

9 Mangkene pangandikane Pangeran
Yehuwah: “Iku wus cukup, he, para raja
Israel, sira ngedohna tumindak keras lan
aniaya, tuwin nindakna pangadilan lan
kabeneran; lerenana anggonira nindakake
kekerasan, yaiku anggonira nundhungi
umatingSun saka ing tanah, kang dadi
duweke; mangkono pangandikane Sang
Yehuwah Allah. 10 Wus sapantese manawa sira
migunakake timbangan kang bener, efa kang
bener lan bat kang bener. 11 Wus sapantese
manawa efa lan bat iku takerane padha, dadi
sa-bat isine saprasapuluh homer lan sa-efa
uga saprasapuluh homer. Dadi takeran-takeran
iku ngenut homer. 12 Tumrap sira kabeh wus
sapantese manawa sa-syikal iku padha karo
rong puluh gera, limang syikal iya limang
syikal, lan sapuluh syikal iya sapuluh syikal,
lan seket syikal iku ana sa-mina.
13 Iki sesaosan mligi kang kudu padha
sira unjukake: sapranem efa saka gandum
sa-homer lan sapranem efa saka sair
sa-homer. 14 Anadene katetepane tumrap
lenga mangkene: saprasapuluh bat saka
sa-kor; sa-kor iku padha karo sapuluh

bat. 15 Saben cempe wedhus gembel rong
atus duweke brayat siji kajupuk siji. Iku
kabeh kanggo kurban dhaharan lan kurban
obaran sarta kurban kaslametan kanggo
nganakake pirukun tumrap wong-wong
mau. Mangkono pangandikane Pangeran
Yehuwah. 16 Kabeh pendhudhuk nagara kudu
ngunjukake pisungsung mligi marang raja
Israel. 17 Dene raja kang tanggung-jawab
tumrap kurban obaran, kurban dhaharan,
kurban unjuk-unjukan manawa pinuju dina
gedhe, sasi anyar, dina Sabat lan saben
turune Israel nganakake pahargyan. Raja
kang kudu nyawisake kurban pangruwating
dosa, kurban dhaharan, kurban obaran lan
kurban kaslametan kanggo nganakake pirukun
tumrap turune Israel.”

Sesaosan ing dina gedhe

45:18--46:18

18 Mangkene pangandikane Sang Yehuwah
Allah: “Ing sasi kapisan, tanggal siji sasi
iku sira njupuka sapi lanang enom siji kang
tanpa cacad, pasucen iku banjur sucekna.
19 Imam njupuka getih kurban pangruwating
dosa sathithik lan leletna ing saka-sakane
Padaleman Suci lan ing pojoke papat
wengkune misbyah sarta ing saka-sakaning
gapura plataran njero. 20 Mangkono uga ing
tanggal sapisan sasi kapitu sira iya tumindaka
mangkono kanggo para wong kang nglakoni
dosa ora kanthi kajarag lan ora kasumurupan.

21 Ing sasi kapisan, tanggal patbelas sasi
iku sira padha mahargyaa riyaya Paskah lan
ing sajrone pitung dina sira padha mangana
roti tanpa ragi. 22 Ing dina iku raja nyawisna
sapi lanang kanggo kurban pangruwating
dosa tumuju marang awake dhewe lan wong
sanagara kabeh. 23 Ing sajroning pitung dina
ing dina gedhe iku, raja nyawisana kurban
obaran kagem Sang Yehuwah: saben dina
sapi lanang pitu lan wedhus gembel lanang
pitu kang tanpa cacad tuwin kanggo kurban
pangruwating dosa saben dina wedhus jawa
lanang siji. 24 Kanggo kurban dhaharan raja
nyawisana glepung sa-efa kalawan sapi siji
lan glepung sa-efa kalawan wedhus gembel
lanang siji sarta lenga sa-hin kanggo sa-efa.
25 Ing sasi kapitu, tanggal limalas sasi iku,
yaiku ing dina gedhe, raja iya nganakna
pacawisan kaya mangkene iki lawase pitung
dina: kurban pangruwating dosa, kurban
obaran, kurban dhaharan lan lenga.

46 1 Mangkene pangandikane Sang
Yehuwah: Gapura plataran njero kang
marep mangetan kudu mineb ing sajroning
nem dina, dina nyambut gawe, nanging ing
dina Sabat supaya diwengakake; ing dina
sasi anyar uga kudu diwengakake. 2 Raja iku
anggone bakal lumebu saka njaba ngliwati
bangsaling gapura lan banjur ngadeg ing
sacedhake sakaning gapura iku. Ing nalika iku
para imam padha ngolah kurban obaran lan
kurban kaslametaning raja mau, dene raja
iku nuli sujud nyembah ana ing tlundhaging

gapura iku, banjur metu maneh. Anadene
gapura iku nganti sore ora kena kainebake.
3 Wong-wong ing nagara iya kudu melu sujud
nyembah ana ing ngarsane Sang Yehuwah ana
ing gapura kono, ing dina Sabat lan ing dina
sasi anyar.
4 Kurban obaran kang kudu kacaosake dening
ratu marang Sang Yehuwah ing dina Sabat iku,
wedhus gembel enem kang tanpa cacad lan
wedhus gembel lanang siji kang tanpa cacad.
5 Kurban dhaharan kang awujud wedhus
gembel lanang iku kudu kaolah kalawan
glepung sa-efa, dene kurban dhaharan kang
awujud wedhus-wedhus gembel liyane, iku
gumantung karo kakuwatane, lan lenga
sa-hin kanggo sa-efa. 6 Ing sasi anyar kudu
kapisungsungake sapi lanang enom siji kang
tanpa cacad, sarta wedhus gembel enem
lan wedhus gembel lanang siji kang tanpa
cacad. 7 Kanggo kurban dhaharan, raja kudu
nyawisake glepung sa-efa kalawan sapi siji lan
glepung sa-efa kalawan wedhus gembel lanang
siji, dene kurban dhaharan kang awujud
wedhus-wedhus gembel liyane gumantung
kakuwatane, sarta lenga sa-hin kanggo sa-efa.
8 Manawa ratu arep lumebu iku anggone
lumebu kudu ngliwati bangsaling gapura lan
metune uga saka ing kono. 9 Nanging manawa
para wong ing nagara, ing dina-dina pahargyan
mau padha nglumpuk ana ing ngarsane Sang
Yehuwah, kang lumebu ngliwati gapura lor
sumedya melu sujud nyembah, metune liwata
ing gapura kidul, dene kang lumebune ngliwati

gapura kidul, metune liwata ing gapura lor. Aja
ana wong kang metune liwat ing gapura kang
mau diwetoni nalika lumebune, dadi saben
wong metune liwata ing gapura kang ana ing
ngarepe. 10 Anadene ratu iku mlebu metune
bareng karo wong-wong mau. 11 Ing dina-dina
gedhe lan ing dina pahargyan-pahargyan
kang tetep, kudu ana kurban dhaharan; yaitu
glepung sa-efa diolah kalawan sapi lanang siji
tuwin glepung sa-efa diolah kalawan wedhus
gembel lanang siji, dene kurban dhaharan
kang awujud wedhus-wedhus gembel liyane
iku gumantung kakuwatane, sarta lenga sa-hin
kanggo sa-efa.

12 Manawa ratu nyawisake kurban obaran
manasuka utawa kurban kaslametan
manasuka kagem Sang Yehuwah, iku
kawenganana gapura ing sisih wetan tuwin
ratu mau banjur bakal ngunjukake kurbane
obaran lan kurbane kaslametan iku kayadene
kang katindakake ing dina Sabat. Sawuse
mangkono banjur metu lan gapurane nuli kudu
kaineb.

13 Saben dina dheweke kudu nyawisake
wedhus gembel kang umur sataun kang tanpa
cacad kanggo kurban obaran kagem Sang
Yehuwah; iku kudu katindakake saben esuk.
14 Kajaba iku saben esuk kudu ngunjukake
kurban dhaharan glepung sapranem efa
kalawan lenga sapratelon hin kanggo nyampuri
glepung kang becik dhewe mau; iku kurban
dhaharan kagem Sang Yehuwah, lan katetepan
iki kanggo ing salawase! 15 Dadi saben esuk

wong-wong kudu ngunjukake wedhus gembel
lan kurban dhaharan sarta lenga minangka
kurban obaran kang tetep.
16 Mangkene pangandikane Pangeran
Yehuwah: “Manawa ratu menehi saperanganing
tanah pusakane marang salah sijine anake,
iku banjur dadi duweke sarta dadi tanah
pusakane. 17 Manawa menehi saperangane
tanah pusakane marang salah sijine abdine,
iku banjur dadi duweke nganti tekan taun
pangluwaran, nuli bali marang raja iku maneh;
mung para putraning ratu kang kena ndarbeni
dadi warisane. 18 Raja aja nganti nyahak tanah
pusakaning rakayt, satemah padha kesuk saka
ing tanahe iku; mung duweke dhewe kang
kena kawarisake marang anak-anake, supaya
umatingSun aja nganti ana kang kesuk saka
ing tanah pusakane.”

Papan kanggo ngolah kurban

46:19-24

19 Aku nuli dibekta menyang ing kamar-
kamare kang dumunung ing salore pasucen,
ngliwati lawang ing sandhinge gapura, lah ing
kono ing perangan kulon dhewe ana sawijining
panggonan. 20 Aku dipangandikani mangkene:
“Kene iki panggonane para imam padha ngolah
kurban dhendha lan kurban pangruwating
dosa sarta ngobong kurban dhaharan, tuwin
iku ora kena kagawa menyang ing plataran
njaba, supaya aja nganti nucekake umating
Yehuwah.”

21 Sawuse mangkono aku nuli kairid menyang
ing plataran njaba lan aku diparengake
menyang ing pojoke papat plataran iku, lah
ing saben pojok ana platarane maneh. 22 Ing
pojoke papat plataran iku ana platarane
cilik, dawane patang puluh asta lan ambane
telung puluh asta, kapate iku ukurane padha.
23 Plataran-plataran cilik papat iku kaubengan
ing tembok lan ing perangane ngisor tembok-
tembok iku ana papan-papane kang kanggo
olah-olah. 24 Panjenengane ngandika marang
aku: "Iki pawon kanggo olah-olah; para kang
padha nduweni kawajiban ana ing Padaleman
Suci anggone ngolah kurban sembelehan
kanggo rakyat ana ing kene."

Kali kang mili saka ing Padaleman Suci

47:1-12

47 1 Aku banjur kabekta bali menyang ing
lawanging Padaleman Suci, lah ing kono
ana banyu kang mili metu saka ing sangisoring
tlundhaging lawange Padaleman Suci iku, lan
iline mangetan, amarga Padaleman Suci iku
uga marep mangetan; anadene iline banyu
mau saka ing sangisore perangane Padaleman
Suci ing sisih tengen, ing sakidule misbyah.
2 Aku nuli kairid metu ngliwati gapura lor
lan aku kabekta mubeng-mubeng saka ing
njaba menyang ing gapura njaba kang marep
mangetan, lan banyune iku metu saka ing
sisih kidul.

3 Priya mau tumuli tindak mangetan kalawan
ngasta tali ukuran; panjenengane ngukur
sewu asta lan banjur dhawuh marang aku
supaya nyemplung ing banyu kono, jerone
banyu sapolok. 4 Panjenengane ngukur
sewu asta maneh lan dhawuh marang aku
supaya nyemplung maneh, saiki jerone wis
sadhengkul; panjenengane tumuli ngukur
sewu asta maneh lan dhawuh marang aku
supaya nyemplung maneh, saiki jerone wis
sabangkekan. 5 Panjenengane ngukur sapisan
maneh sewu asta, saiki banyu iku wus dadi
kali, aku ora bisa mlaku maneh ana ing kono,
sabab banyune wus saya dhuwur, satemah
wong bisa nglangi. Kali kang wus ora kena
disabrangi maneh.
6 Aku banjur dipangandikani: "He, anaking
manungsa, apa iku wus kokdeleng?" Aku
nuli kabekta bali metu ing urut pinggiring
kali. 7 Sajrone lumaku bali iku, lah ing
pinggire kali kiwa tengen ana wit-witane akeh.
8 Panjenengane ngandika marang aku: "Kali iki
mili menyang ing wilayah wetan, lan mudhun
menyang Araba-Yarden, lan mutah ing Sagara
Asin; banyune kang asin banget iku banjur
dadi tawa, 9 satemah menyang ngendi bae
iline kali iku, sakehing makhluk kang urip
kang kumroyok ana ing kono bakal urip. Iwake
bakal dadi akeh, amarga menyang ngendi
bae parane banyu iku, ing kono banyune
sagara banjur dadi tawa, lan menyang ngendi
bae iline kali iku, samubarang kabeh kang
ana ing kono bakal urip. 10 Mulane ing saurut

pinggiring kali mau wiwit ing En-Gedi nganti
tekan ing En-Eglaim kebak wong kang padha
golek iwak; dhaerah kono banjur dadi papan
ngepe jala, sarta ing kali kono ana iwake
warna-warna, kaya iwak-iwak ing sagara
gedhe, akeh banget. [11] Nanging embel-embel
lan rawa-rawane ora dadi tawa, iku dadi
panggonan njupuk uyah. [12] Ing pinggire kali
kiwa tengen ana wite wowohan warna-warna,
kang godhonge ora alum lan wohe ora
entek-entek; saben sasi awoh maneh, sabab
wit-wit iku oleh banyu saka papan kang suci
iku. Wohe bakal dadi pangan, dene godhonge
kanggo tamba."

Wates-watese tanah Israel

47:13-20

[13] Mangkene pangandikane Pangeran
Yehuwah: "Iki wates-watese tanah kang kudu
sira bage-bage dadi tanah-pusakanira ing
antarane suku Israel rolas, Yusuf tampa rong
bagean. [14] Tanah iku kudu sira bage rata, yaiku
tanah kang kalawan supaos Sunjanjekake
Sunparingake marang leluhurira, mulane
tanah iku dadi tanah-pusakanira.
[15] Iki watese tanah iku: ing sisih lor: saka
sagara gedhe terus, ngliwati Hetlon tekan
ing dalan kang mlebu ing Hamat banjur
terus, ngliwati Zedad, [16] Berota, Sibraim,
kang dumunung ing antarane kuta Damsyik
lan wilayahe kutha Hamat, terus tekan ing
Hazar-Enon kang dumunung ing wilayahe

kutha Hauran. 17 Dadi tapel-watese iku wiwit
ing sagara nganti tekan ing Hazar-Enon, temah
wilayahe kutha Damsyik iku uga wilayahe
kutha Hamat dumunung ing salore. Iku ing
sisih lor.
18 Ing sisih wetan: wiwit saka ing Hazar-Enon
kang dumunung ing antarane Hauran lan
Damsyik, bengawan Yarden dadi tapel-wates
ing antarane Gilead lan tanah Israel, terus
ngener ing Sagara Wetan nganti tekan ing
Tamar. Iku ing sisih wetan.
19 Ing sisih kidul: tapel-watese wiwit saka
ing Tamar terus, ngliwati sumber Meriba ing
sacedhake Kadhesy, terus nganti tekan kali
Mesir, banjur terus nganti tekan ing sagara
gedhe. Yaiku tapel-watese ing sisih kidul, adu
wates karo Negeb.
20 Ing sisih kulon: Sagara gedhe dadi tapel
wates nganti tekan ing panggonan lumebune
dalan menyang ing Hamat. Iku ing sisih kulon."

Pambageane tanah Israel

47:21--48:29

21 "Tanah iki kang kudu sira bage ing
antaranira kabeh manut suku-sukune Israel.
22 Iku kudu sira bage dadi tanah-pusaka ana
ing antaranira kabeh lan ana ing antarane
para wong manca kang padha manggon ana
ing tengahira, kang padha anak-anak ing
satengahira, sarta iku kudu sira rengkuh
padha kayadene wong Israel asli; iku iya
kudu oleh bagean tanah pusaka ana ing

satengahe suku-suku Israel. 23 Dadi manawa
ing satengahe sawijining suku ana wonge
manca, iku kudu sira wenehi tanah-pusaka.
Mangkono pangandikane Pangeran Yehuwah.
48 1 Iki jenenge suku-suku mau: Kang
ana lor dhewe: wiwit ing sagara,
terus, ngliwati Hetlon, tekan ing panggonan
lumebune dalan menyang Hamat, Hazar-Enon,
mulane wilayahe kutha Damsyik, kang cedhak
karo Hamat, dumunung ing sisih lore; wiwit
tapel-wates wetan nganti tekan tapel-wates
kulon, iku bageane Dhan. 2 Adu wates karo
wilayahe Dhan, saka ing tapel-wates wetan
nganti tapel-wates kulon, iku bageane Asyer.
3 Adu wates karo wilayahe Asyer, saka tapel-
wates wetan nganti tekan tapel-wates kulon,
iku bageane Naftali. 4 Adu wates karo wilayahe
Naftali, saka tapel-wates wetan nganti
tapel-wates kulon, iku bageane Manasye.
5 Adu wates karo wilayahe Manasye, saka
tapel-wates wetan nganti tekan tapel-wates
kulon, iku wilayahe Efraim. 6 Adu wates karo
wilayahe Efraim, saka tapel-wates wetan
nganti tekan tapel-wates kulon, iku bageane
Ruben. 7 Adu wates karo wilayahe Ruben,
wiwit saka tapel-wates wetan nganti tekan
tapel-wates kulon, iku bageane Yehuda.
8 Adu wates karo wilayahe Yehuda, wiwit saka
tapel-wates wetan nganti tekan tapel-wates
kulon, ing kono ana pisungsung mligi, kang
kudu sira mligekake, yaiku kang ambane
salawe ewu asta, lan dawane padha karo
dawane sabagean, yaiku wiwit saka tapel-

wates wetan nganti tekan tapel-wates kulon,
sarta ing satengahe kono kanggo pasucen.
9 Perangan pisungsung kusus kang kudu sira
mligekake kagem Sang Yehuwah iku dawane
salawe ewu asta lan ambane rong puluh ewu
asta.
10 Pisungsung mligi kang suci iku kanggo para
imam: ing sisih lor lan kidul dawane salawe
ewu asta, dene ambane ing sisih wetan lan
kulon sapuluh ewu asta. Pasucen kagem Sang
Yehuwah dumunung ana ing tengahe. 11 Iya iki
bageaning imam-imam kang wus kasucekake,
yaiku para turune Zadhok, kang nglakoni
kawajibane kagem Ingsun lan kang ora melu
tumindak nasar ing sajrone pamblasare
wong Israel, yaiku para wong Lewi. 12 Iki
perangane tanah kang wus kamligekake, kang
kasadhiyakake kanggo wong-wong mau, kang
adu wates karo bageane para wong Lewi. Iki
bab kang suci pinunjul.
13 Bageane para wong Lewi jejer karo
wilayahe para imam, dawane salawe ewu
asta lan ambane sapuluh ewu asta. Dadi
gunggunge: dawane salawe ewu asta, ambane
rong puluh ewu asta. 14 Iku sathithik bae
ora kena didol utawa diijolake, sarta wilayah
iku perangane kang becik dhewe ora kena
diwarisake marang wong liya, awit iku suci
tumrape Sang Yehuwah.
15 Turahane ambane, yaiku isih limang ewu
asta, kang adu wates karo kang salawe ewu
asta, iku ora suci, iku kanggo kapreluaning
kutha, dienggoni lan kanggo pategalan.

[16] Dene ukurane mangkene: sisih lor lan kidul
patang ewu limang atus asta, sisih wetan lan
kulon uga patang ewu limang atus asta. [17] Ing
sakubenge kutha iku ana ara-arane, sisih lor
lan kidul rong atus seket asta, lan sisih wetan
lan kulon uga rong atus seket asta. [18] Turahane
dawane, kang jejer karo pisungsung mligi
kang suci iku, sisih wetan sapuluh ewu asta,
sisih kulon sapuluh ewu asta, dene pametune
dadi pangane para kang nyambut-gawe ing
kutha kono. [19] Wong-wong iki, kang asale
saka suku-suku Israel kabeh, iku kang bakal
nggarap palemahan mau. [20] Pisungsung-mligi
iku jembare kabeh ana salawe ewu asta ping
salawe ewu asta. Sira mligekna kang kanggo
pisungsung mligi kang suci dalah wilayahe
kutha iku awujud pesagi.

[21] Saluwihe mau iku duweking ratu, yaiku ing
sawetane lan ing sakulone pisungsung mligi
kang suci tuwin wilayahe kutha iku, apadene
adu wates karo kang salawe ewu asta iku,
mangetan nganti tekan tapel-wates wetan
lan mangulon nganti tekan tapel-wates kulon
sarta jejer karo wilayahe suku-suku liyane, iku
kanggo raja. Pisungsung kusus kang suci lan
Padaleman Suci dumunung ana ing tengahe
wewengkon kono. [22] Kajaba duweke para wong
Lewi lan duweke kutha iku -- kang dumunung
ing tengahe wilayahing ratu mau -- kang
kaapit ing wilayahe Yehuda lan Benyamin, iku
kanggo raja.

[23] Anadene tumrap suku-suku liyane: wiwit
ing tapel-wates wetan tekan ing tapel-wates

kulon iku kanggo Benyamin. [24] Adu wates karo
wilayahe Benyamin, wiwit ing tapel-wates
wetan nganti tekan tapel-wates kulon iku
kanggo Simeon. [25] Adu wates karo wilayahe
Simeon wiwit ing tapel-wates wetan nganti
tekan tapel-wates kulon iku kanggo Isakhar.
[26] Adu wates karo wilayahe Isakhar, wiwit
ing tapel-wates wetan tekan tapel-wates
kulon, iku kanggo Zebulon. [27] Adu wates karo
wilayahe Zebulon, wiwit ing tapel-wates wetan
tekan tapel-wates kulon, iku kanggo Gad.
[28] Tapel-watese wilayahe Gad iku ing sisih kidul
wiwit saka Tamar nganti tekan ing kali Mesir,
terus tekan ing sagara gedhe. [29] Yaiki nagara
kang kudu sira bage-bage dadi tanah-pusaka
ana ing antarane suku-suku Israel, lan iku
bagean-bageane. Mangkono pangandikane
Pangeran Yehuwah."

Kutha kang suci

48:30-35

[30] "Iki lawang-lawange metu kutha iku: ing
sisih lor, kang ukurane patang ewu limang
atus asta, [31] ana gapurane telu, gapura
Ruben, gapura Yehuda lan gapura Lewi --
amarga gapura-gapura kutha iku dijenengake
manut jeneng-jenenge suku-suku Israel --.
[32] Ing sisih wetan kang ukurane patang ewu
limang atus asta, ana gapurane telu, iku
gapura Yusup, gapura Benyamin lan gapura
Dhan. [33] Ing sisih kidul, kang ukurane patang
ewu limang atus asta, uga ana gapurane

telu, iku gapura Simeon, gapura Isakhar
lan gapura Zebulon. 34 Ing sisih kulon kang
ukurane patang ewu limang atus asta, uga ana
gapurane telu, iku gapura Gad, gapura Asyer
lan gapura Naftali. 35 Dadi kubenge kutha iku
ana wolulas ewu asta. Wiwit nalika iku jenenge
kutha iku: Sang Yehuwah ana ing kono.”

DHANIEL

Ana ing kraton Babil

1:1-21

1 [1] Ing taun kang katelune paprentahane
Sang Prabu Yoyakim, ratu ing Yehuda,
Sang Prabu Nebukadnezar, ratu ing nagara
Babil, rawuh ing kutha Yerusalem lan ngepang
kutha iku. [2] Sang Prabu Yoyakim, ratu ing
Yehuda mau banjur kaulungake dening
Pangeran Yehuwah marang ing astane dalasan
saperanganing prabote padalemaning Allah.
Kabeh iku dibekta menyang ing tanah Sinear,
menyang ing kabuyutaning dewane.
[3] Sang Prabu banjur dhawuh marang
Aspenas, kepalaning punggawa kraton,
supaya nyowanake wong Israel sawatara,
kang kagolong turuning ratu lan tedhaking
ngaluhur, [4] yaiku para nonoman kang tanpa
cacad, kang bagus rupane, kang kadunungan
kawicaksanan mawarna-warna, kang sugih
kabisan sarta kang kadunungan pangreten bab
kawruh, apadene kang padha sembada ngabdi
ana ing kadhatone Sang Prabu, banjur padha
kawulanga nulis tuwin basane wong Kasdim.
[5] Sabanjure Sang Prabu netepake cadhonge
dinan wong-wong mau kajupukake saka
dhaharane Sang Prabu lan saka anggur, kang
adate kaunjuk, kaya mangkono wong-wong

mau anggone padha kagulawenthah sajrone
telung taun, lan sawise iku kudu nyambut
gawe kagem Sang Prabu.
6 Panunggalane wong mau ana kang kalebu
wong Yehuda sawatara, yaiku Dhaniel,
Hananya, Misael lan Azarya. 7 Kepala
punggawa kraton mau menehi jeneng liya.
Dhaniel diwenehi jeneng Beltsazar, Hananya
Sadrakh, Misael Mesakh lan Azarya Abednego.
8 Anadene Dhaniel mutus ora bakal najisake
awak kalawan dhaharane Sang Prabu sarta
anggur kang adate diunjuk dening Sang
Prabu, mulane nyuwun marang kepalaning
punggawa kraton mau, supaya ora usah
najisake awake. 9 Gusti Allah tumuli ngolehake
sih-piwelas ana ing ngarepe kepala punggawa
kraton iku; 10 nanging kepala punggawa
kraton iku banjur celathu marang Dhaniel:
"Aku sumelang, manawa gustiku Sang Prabu,
kang wus nemtokake pangan lan ngombemu,
nggalih, yen kowe katon kurang seger
manawa katandhing karo para nonoman liyane
barakanmu, satemah marga saka kowe, aku
kagalih luput dening Sang Prabu." 11 Dhaniel
tumuli matur marang abdi dalem kang wus
kaangkat dening panggedhene punggawa
kraton mau dadi pangawase Dhaniel, Hananya,
Misael lan Azarya: 12 "Panjenengan kula aturi
nyobi ingkang abdi sadaya sadasa dinten
laminipun, kula sami kaparingana tedha
jejanganan saha ngombe toya kemawon;
13 sasampunipun punika kula aturi nandhing
kawontenan kula sadaya kaliyan para

neneman ingkang sami nedha dhaharanipun
Sang Prabu, manawi sampun lajeng sami
kadamela kadosdene ingkang panjenengan
karsakaken.” 14 Panyuwune mau dijurungi, nuli
padha dicoba suwene sapuluh dina. 15 Bareng
wus kliwat sapuluh dina, kaanane nyata luwih
becik sarta luwih lemu yen katimbang karo
wong nonoman kang wus padha mangan
dhaharane Sang Prabu. 16 Sabanjure abdi
dalem mau saben-saben njupuk pangane
lan omben-omben kang mesthine padha
diombe wong-wong mau, nuli padha diwenehi
jejanganan. 17 Nonoman papat mau padha
diparingi dening Gusti Allah kawruh lan
kapinteran bab tulisan lan kawicaksanan
warna-warna, dene Dhaniel uga kadunungan
pangreten bab wahyu lan impen rupa-rupa.
18 Bareng wektu kang katetepake dening
Sang Prabu wus kliwat, yaiku anggone
wong-wong mau kudu banjur disowanake, nuli
padha diajak dening kepalaning punggawa
kraton sowan marang ing ngarsane Sang
Prabu Nebukadnezar. 19 Tumuli padha
diajak ngandikan dening Sang Prabu sarta
panunggalane wong-wong mau ora ana kang
madhani Dhaniel, Hananya, Misael lan Azarya;
kabeh padha suwita marang Sang Prabu.
20 Saben bab kang mbutuhake kawicaksanan
lan pangreten, kang didangokake dening Sang
Prabu marang wong-wong mau, tinemune
wong-wong mau tikel sapuluh anggone
ngluwihi kapinterane para sarjana lan para
juru gendam ing saindenging karajan.

[21] Dhaniel anggone ana ing kono nganti
ing taun kapisane paprentahane Sang Prabu
Koresy.

Supenane Sang Prabu Nebukadnezar

2:1-49

2 [1] Ing taun kang kapindhone paprentahane
Sang Prabu Nebukadnezar, Sang Prabu
Nebukadnezar supena; marga saka iku
panggalihe banjur ora jenjem lan ora bisa
sare. [2] Sang Prabu nuli utusan nimbali para
sarjana, para juru-gendam, juru sihir lan
para wong Kasdim, kadhawuhan nerangake
supena mau marang panjenengane; banjur
padha sowan lan ngadeg ana ing ngarsane
Sang Prabu. [3] Sang Prabu ngandika marang
wong-wong mau: "Ingsun supena, lan marga
saka supena iku panggalihingsun kuwur marga
kepengin nguningani supena iku." [4] Para wong
Kasdim iku banjur padha munjuk marang Sang
Prabu (ing basa Aram): "Dhuh Sang Prabu!
Mugi langgenga kasugengan dalem! Mugi
karsaa paring sumerep bab supena punika
dhateng para abdi dalem, mangke kawula
badhe ngunjukaken maknanipun." [5] Nanging
paring wangsulane Sang Prabu marang wong
Kasdim mau: "Ingsun wus damel putusan,
yaiku manawa sira ora padha ngunjuki uninga
marang ingsun bab supena iku lan maknane,
sira mesthi bakal padha katengkel-tengkel
sarta omahira bakal padha karubuhake
kadadekake tumpukan uwuh, [6] nanging

manawa sira padha bisa ngunjuki uninga bab
supena lan maknane, sira bakal padha tampa
ganjaran, peparing lan kaurmatan kang gedhe
saka ingsun. Mulane padha ngunjukana uninga
marang ingsun bab supena iku lan maknane!”
7 Wong-wong mau padha munjuk maneh:
“Sumangga gusti kawula Sang Prabu kawula
aturi ngandikakaken supena punika dhateng
para abdi dalem punika, mangke kawula sami
badhe ngunjukaken maknanipun.” 8 Sang
Prabu mangsuli, pangandikane: “Ingsun
mirsa ing satemene, manawa sira padha
ngudi ngulur-ulur wektu, awit sira padha
sumurup, yen ingsun wus damel putusan,
9 yaiku manawa sira ora padha ngunjuki
uninga marang ingsun bab supena iku,
sira bakal padha kena ing paukuman kang
padha; sarta ingsun mirsa, manawa sira wus
padha saiyeg bakal munjuk marang ingsun
bab-bab kang ora nyata lan dora, nganti
kaanan salin. Awit saka iku unjukna supena
iku marang ingsun, supaya ingsun uninga,
manawa sira padha bisa ngaturake maknane
uga marang ingsun. 10 Unjuk wangsulane
para wong Kasdim mau marang Sang Prabu:
“Boten wonten tiyang satunggal kemawon
ing salumahing bumi ingkang saged ngunjuki
uninga bab pamundhutipun gusti kawula
Sang Prabu! Saha boten nate wonten ratu,
ingkang sanadyan kadospundi kemawon
agungipun saha agenging pangwaosipun
mundhut ingkang makaten punika dhateng
satunggaling sarjana, juru gendam utawi

satunggaling tiyang Kasdim. [11] Pamundhutipun
gusti kawula punika langkung dening awrat,
saha boten wonten tiyang satunggal-tunggala
ingkang saged ngunjuki uninga bab punika
dhumateng gusti kawula Sang Prabu, kejawi
para dewa ingkang boten dedunung wonten
ing tengahipun manungsa.” [12] Marga saka
iku Sang Prabu banjur duka banget lan
bendu sarta dhawuh nyirnakake kabeh wong
wicaksana ing Babil.

[13] Nalika dhawuh saupaya para wong
wicaksana padha dipateni mau kaundhangake,
Dhaniel dalah kanca-kancane uga kaancam
bakal pinatenan. [14] Dhaniel banjur matur
kalawan kalimpadaning budi tuwin
kawicaksanan marang Sang Ariokh,
panggedhening prajurit pangawaling Sang
Prabu, kang wus mangkat arep mateni para
wong wicaksana ing Babil mau, [15] ature
marang Sang Ariokh, panggedhe abdine Sang
Prabu mangkene: “Punapa sababipun, dene
Sang Prabu ngundhangaken dhawuh ingkang
samanten awratipun punika?” Sang Ariokh
banjur nerangake bab iku marang Dhaniel.

[16] Dhaniel nuli sowan marang ing ngarsane
Sang Prabu lan nyuwun,supaya kaparingana
wektu kanggo ngunjuki uninga bab maknane
marang Sang Prabu. [17] Sawuse iku Dhaniel
banjur mulih aweh weruh bab mau marang
Hananya, Misael lan Azarya, mitra-mitrane,
[18] supaya tumuli padha nyuwun sih-piwelase
Gusti Allahing saindenge langit ing bab kang
winadi mau, satemah Dhaniel sakancane ora

bakal kasirnakake bebarengan karo para
wicaksana liyane ing Babil.
19 Wasana bab kang winadi mau banjur
kebuka marang Dhaniel ing sajroning wahyu
ing wayah bengi. Dhaniel nuli ngluhurake
marang Gusti Allahe saindenging langit.
20 Mangkene pangucape Dhaniel: "Pinuja
asmaning Allah wiwit saka kalanggengan
tumeka ing kalanggengan, amarga
kawicaksanan lan kasantosan iku ana ing
Panjenengane, 21 kang nyontan-nyantuni
mangsa lan wektu, kang mecat para ratu
lan njumenengake para ratu, kang paring
kawicaksanan marang para wong wicaksana
sarta kawruh marang para wong kang
kadunungan pangreten; 22 iya Panjenengane
iku kang mbuka bab-bab kang ora kinira-kira
lan kang samar; Panjenengane nguningani apa
kang ana ing pepeteng, apadene pepadhang
dumunung ana ing Panjenengane. 23 Dhuh
Allahipun leluhur kawula, Paduka kawula pepuji
lan kawula luhuraken, amargi Paduka karsa
ngganjar dhumateng kawula kawicaksanan
saha kasantosan, sarta sapunika sampun
paring sumerep dhumateng kawula sadaya
bab prakawisipun Sang Prabu."
24 Awit saka iku Dhaniel banjur nemoni
Sang Ariokh, kang wus kaparingan dhawuh
dening Sang Prabu supaya nyirnakake para
wong wicaksana ing Babil; nuli mangkat lan
matur mangkene: "Para tiyang wicaksana ing
Babil punika sampun ngantos panjenengan
sirnakaken! Panjenengan kula aturi

nyowanaken kula dhateng ing ngarsanipun
Sang Prabu, mangke kula badhe ngunjukaken
maknanipun dhumateng Sanga Prabu!”
25 Dhaniel banjur enggal-enggal kasowanake
dening Sang Ariokh marang ing ngarsane Sang
Prabu sarta tumuli dianjukake marang Sang
Prabu mangkene: “Abdi dalem kawula sampun
manggih satunggaling tiyang panunggilanipun
tiyang boyongan saking tanah Yehuda,
ingkang saged ngunjuki uninga dhumateng
Sang Prabu bab maknanipun.” 26 Dhaniel kang
jenenge Beltsazar nuli kadangu dening Sang
Prabu: “Apa kapara nyata sira bisa ngunjukake
marang ingsun supena kang wus ingsun
pirsani dalah samaknane pisan?” 27 Dhaniel
mangsuli, mangkene unjuke marang Sang
Prabu: “Wewados, ingkang kadangokaken
dening gusti kawula Sang Prabu, punika
boten saged kauningakaken dhumateng
Sang Prabu dening tiyang wicaksana, juru
gendam, sarjana utawi ahli nujum. 28 Namung
kemawon ing swarga wonten Allah ingkang
mbuka wewados-wewados; Panjenenganipun
sampun paring sumerep dhumateng gusti
kawula Sang Prabu Nebukadnezar bab punapa
ingkang badhe kalampahan ing dinten-dinten
ingkang badhe dhateng. Wondene supena
saha wahyu-wahyu ingkang kapirsanan
dening gusti kawula wonten ing pasarean
punika makaten: 29 Pinuju wonten ing
pasarean panjenengan dalem, dhuh Sang
Prabu, kethukulan panggalih bab punapa
ingkang ing tembe badhe kalampahan;

sarta Panjenenganipun ingkang narbuka
wewados-wewados, sampun paring uninga
dhumateng gusti kawula bab punapa ingkang
badhe kalampahan. 30 Wondene kawula
sampun kaparingan sumerep bab wewados
punika, boten margi saking kawicaksanan
ingkang bokmanawi wonten ing kawula punika
nglangkungi kawicaksananipun sadaya tiyang
ingkang gesang, nanging punika supados
maknanipun kauningakna dhumateng gusti
kawula Sang Prabu, punapa dene supados
gusti kawula mirsaa punapa ingkang ginalih
dening gusti kawula.
31 Dhuh Sang Prabu, gusti kawula
mirsa satunggaling wahyu, inggih punika
satunggaling reca ingkang ageng sanget!
Reca punika inggil, mencorong ngedab-edabi,
ngadeg wonten ing ngarsanipun gusti kawula,
sarta katingal nggegirisi. 32 Wondene reca
punika, sirahipun kencana murni, dhadha
kaliyan tanganipun salaka, weteng tuwin
lambungipun tembaga, 33 pupunipun tosan,
sukunipun saperangan tosan lan saperangan
lempung. 34 Salebetipun gusti kawula mirsani,
tanpa pandameling tangan manungsa, wonten
sela ingkang mlesat nempuh reca wau
kaleres ing sukunipun tosan saha lempung
ngantos remuk. 35 Sami sanalika ingkang
tosan, lempung, tembaga, salaka saha
kencana sami remuk, tuwin sadaya dados
kadosdene mrambut wonten ing panuton ing
mangsa benter, tumunten kabur ing angin,
satemah tilas-tilasipun boten wonten ingkang

pinanggih. Dene sela ingkang nempuh reca
wau dados redi ageng ingkang ngebaki
salumahing bumi sadaya.
36 Punika supenanipun gusti kawula, lah
sapunika maknanipun badhe sami kawula
unjukaken dhumateng gusti kawula Sang
Prabu: 37 Dhuh gusti kawula Sang Prabu,
ratuning sadaya ratu, ingkang sampun
kaparingan dening Allahipun saindenging
langit, karajan, pangwaos, kasantosan
tuwin kamulyan, 38 saha ingkang astanipun
sampun kapasrahan dening Panjenenganipun,
anak-anaking manungsa ing pundi-pundi
panggenan, kewan-kewan ing ara-ara tuwin
peksi-peksi ing awang-awang, saha ingkang
kajumenenganken dados ingkang nguwaosi
punika wau sadaya -- inggih gusti kawula
punika ingkang jumeneng sesirah kencana
wau. 39 Nanging sapengkeripun gusti kawula,
badhe muncul karajan sanes, ingkang
kawon agung katimbang karajanipun gusti
kawula; lajeng timbul karajan malih, inggih
punika ingkang angka tiga, ingkang tembagi,
ingkang nguwaosi saindenging jagad sadaya.
40 Sasampunipun punika badhe wonten
karajan ingkang angka sekawan, ingkang
atosipun kados tosan; plek kadosdene tosan
ingkang ngreremuk, karajan punika badhe
ngremuk lan nglebur sadaya-sadayanipun.
41 Punapadene ingkang kauningan ing gusti
kawula, suku tuwin driji-drijinipun saperangan
ingkang kadamel lempungipun kundhi,
saha saperangan tosan, punika ateges,

bilih karajan wau rengka; pancen karajan
wau inggih atos kadosdene tosan, cocog
kaliyan ingkang kapirsanan dening gusti
kawula, tosan wau campur kaliyan lempung.
42 Nanging kadosdene driji-drijining suku
wau saperangan tosan saha saperangan
malih lempung, makaten ugi karajan wau
saperangan kiyat, tuwin saperangan ringkih.
43 Wondene gusti kawula mirsa tosan campur
kaliyan lempung, punika ateges: sami badhe
tetunggilan sarana sesemahan, nanging boten
badhe saged manunggil saestu, kadosdene
tosan anggenipun boten saged campur kaliyan
lempung.
44 Nanging ing jamanipun para ratu, Allahipun
saindenging langit badhe ngedegaken
satunggaling karajan ingkang boten
badhe risak ing salami-laminipun, sarta
pangwaosipun boten badhe pindhah dhateng
bangsa sanes: karajan punika badhe nggecak
sadaya karajan saha sami dipun sirnakaken,
nanging karajan punika piyambak badhe
madeg ing salami-laminipun, 45 ngepleki
ingkang kapirsanan dening gusti kawula, bilih
boten margi saking pandameling tanganipun
manungsa, wonten sela ingkang mencelat
saking redi lajeng ngremuk tosan, tembagi,
lempung, salaka saha kencana wau. Gusti
Allah ingkang mahaagung sampun paring
uninga dhumateng gusti kawula Sang Prabu
bab punapa ingkang ing tembe badhe
kalampahan; supena punika leres saha
maknanipun kenging pinitados.”

46 Sang Prabu Nebukadnezar banjur sujud
lan nyembah marang Dhaniel; uga paring
dhawuh supaya diaturi kurban lan kekutug.
47 Sang Prabu ngandika marang Dhaniel:
"Sanyata Allahira iku Allah kang ngluwihi
sakehing allah lan kagungan pangwaos tumrap
sakehing ratu sarta narbuka wewadi-wewadi,
sabab sira wus bisa narbuka wewadi iku."
48 Dhaniel banjur kaparingan kaluhuran
dening Sang Prabu: kaganjar peparing kang
linuwih, tuwin kawisudha dadi kang ngasta
pangwasa ing saindenging wilayah Babil lan
dadi panggedhene sakehing wong wicaksana
ing Babil. 49 Awit saka panyuwune Sang
Dhaniel, Sang Prabu masrahake paprentahan
ing wilayah Babil marang Sadrakh, Mesah
lan Abednego, dene Sang Dhaniel piyambak
ndherek ana ing kratone Sang Prabu.

Pawon murub

3:1-30

3 1 Sang Prabu Nebukadnezar yasa reca
kencana kang dhuwure sawidak asta lan
ambane nem asta, kang diadegake ana ing
lebak Dura ing wilayah Babil. 2 Sang Prabu
Nebukadnezar banjur nimbali nglumpuk para
wakil-raja, para kang ngasta pangwasa,
para bupati, para penasehating nagara, para
juru gedhong, para hakim, para ahli hukum
lan sakehe kepala daerah, kadhawuhan
njenengi anggone ngresmekake reca kang
wus diadegake dening Sang Prabu iku. 3 Para

wakil-raja, para kang ngasta pangwasa, para
bupati, para penasehating nagara, para juru
gedhong, para hakim, para ahli hukum lan
sakehing kepala dhaerah padha nglumpuk
prelu njenengi anggone ngresmekake reca
kang wus kaadegake dening Sang Prabu
Nebukadnezar mau. [4] Nuli ana abdi duta kang
nguwuh-uwuh kalawan swara sora: "Mangkene
kang kadhawuhake marang sira kabeh, heh
para bangsa, suku bangsa lan kang basane apa
bae: [5] samangsa sira padha krungu swaraning
kalasangka, suling, clempung, rebab, gambus,
slompret lan unen-unen liya-liyane, sira banjur
padha nyembaha marang reca kang wus
kaadegake dening Sang Prabu Nebukadnezar
iku. [6] Sing apa ora sujud nyembah, sanalika
iku uga bakal kacemplungake ing pawon kang
murub." [7] Mulane bareng sakehing bangsa
padha krungu unining kalasangka, suling,
clempung, rebab, gambus lan unen-unen
warna-warna, wong-wong saka sakehing
bangsa, suku bangsa lan basa, banjur padha
sujud lan nyembah marang reca kencana
kang wus kaadegake dening Sang Prabu
Nebukadnezar iku.

[8] Ing nalika iku uga ana wong Kasdim
sawatara kang padha nggugat wong
Yahudi. [9] Iku padha munjuk marang Sang
Prabu Nebukadnezar: "Dhuh Sang Prabu,
mugi langgenga kasugenganipun gusti
kawula! [10] Gusti kawula Sang Prabu sampun
ngundhangaken dhawuh, bilih saben tiyang
ingkang mireng ungelipun kalasangka, suling,

clempung, rebab, gambus, slompret tuwin
ungel-ungelan warna-warni, kedah sujud
nyembah dhateng reca kencana punika,
11 saha bilih sinten ingkang boten sujud
nyembah, badhe kacemplungaken ing pawon
ingkang murub. 12 Wonten tiyang Yahudi
sawatawis, ingkang sampun pinasrahan
paprentahan ing wilayah Babil dening gusti
kawula, inggih punika Sadrakh, Mesakh tuwin
Abednego, tiyang punika boten sami mreduli
dhateng dhawuhipun gusti kawula, dhuh
Sang Prabu: sami boten memuja dhateng
dewanipun gusti kawula saha sami boten
nyembah dhateng reca kencana, ingkang
sampun kaadegaken dening gusti kawula.”
13 Ing kono Sang Prabu Nebukadnezar
kalawan duka lan bendu dhawuh, supaya
Sang Sadrakh, Sang Mesakh lan Sang
Abednego disowanake. Bareng wus padha
sowan ing ngarsane Sang Prabu, 14 Sang
Prabu Nebukadnezar ngandika: “Apa bener,
he Sadrakh, Mesakh lan Abednego, yen sira
ora padha memuja marang dewaningsun
lan ora nyembah marang reca emas kang
ingsun adegake iku? 15 Ing saikine, manawa
sira padha saguh, samangsa sira padha
krungu unining kalasangka, suling, clempung,
rebab, gambus, slompret lan unen-unen
warna-warna, sira padha sujuda marang
reca kang ingsun yasa iku! Nanging manawa
sira ora padha nyembah, padha sanalika
sira bakal kacemplungake ing pawon kang
murub. Manawa mangkono dewa ngendi kang

bisa ngluwari sira saka ing astaningsun?”
16 Sang Sadrakh, Sang Mesakh lan Sang
Abednego banjur munjuk marang Sang Prabu
Nebukadnezar: “Boten wonten ginanipun abdi
dalem kawula sami ngunjukaken wangsulan
ing bab punika dhumateng gusti kawula.
17 Bokbilih Allah kawula, ingkang sami kawula
pepuja sagah ngluwari kawula sadaya,
kawula inggih sami badhe kaluwaran dening
Panjenenganipun saking pawon murub punika,
saha saking asta dalem, dhuh Sang Prabu;
18 nanging saupami boten, gusti kawula mugi
karsaa nguningani, bilih kawula sami boten
badhe memuja dhateng dewanipun gusti
kawula, saha boten badhe nyembah dhateng
reca kencana ingkang kaadegaken dening
gusti kawula punika.”
19 Ing kono Sang Prabu Nebukadnezar
luwih dening banget bendune sarta santun
pasuryane tumrap Sang Sadrakh, Sang
Mesakh lan Sang Abednego; banjur dhawuh,
supaya panasing pawon katikelake pitu
katimbang karo kang lumrah, 20 sarta dhawuh
marang wong kang rosa sawatara saka ing
antarane wadya-bala dalem supaya Sang
Sadrakh, Sang Mesakh lan Sang Abednego
kabanda lan kacemplungake ing pawon kang
murub iku. 21 Katelune nuli kabanda, kalawan
jubahe, clanane, topine lan pangagemane
liyane, banjur kacemplungake ing pawon
kang murub. 22 Marga saka wantering dhawuh
dalem Sang Prabu, pawon mau dipanasake
luwih dening banget, nganti wong-wong kang

padha ngangkat ngunggahake Sang Sadrakh,
Sang Mesakh lan Sang Abednego iku padha
kobong lan padha mati. 23 Nanging katelune
yaiku Sang Sadrakh, Sang Mesakh lan Sang
Abednego, padha dhawah sajroning pawon
murub mau kalawan bebandan.
24 Sawise mangkono Sang Prabu
Nebukadnezar kejot lan sanalika banjur
jumeneng sarta ngandika marang para
mentrine: “Kang kita cemplungake ing geni
kalawan bebandan rak telu, ta?” Unjuk
wangsulane para priyagung mau marang
Sang Prabu: “Inggih leres, dhuh Sang Prabu!”
25 Pangandikane: “Nanging ingsun mirsa
wong papat kang lumaku kalawan kapenak
ana ing satengahe geni; ora padha ketaton,
dene kang kapate iku rupane kaya putraning
dewa!” 26 Sang Prabu Nebukadnezar banjur
nyelaki lawanganing pawon kang murub iku
sarta medhar sabda, pangandikane: “Sadrakh,
Mesakh lan Abednego, para abdining Allah
kang mahaluhur, metua lan mrenea!” Sang
Sadrakh, Sang Mesakh lan Sang Abednego nuli
miyos saka ing geni mau. 27 Para wakil-raja,
para kang ngasta pangwasa, para bupati lan
para mentrining Sang Prabu padha nglempak
sarta padha nguningani, yen sarirane
priyagung iku padha ora mempan ing geni iku
tuwin rema ing mastakane ora geseng, ageme
jubah ora apa-apa, malah mambet geni bae
padha ora.
28 Sang Prabu Nebukadnezar ngandika:
“Pinujia Allahe Sadrakh, Mesakh lan

Abednego! Panjenengane wus ngutus
malaekate lan ngluwari abdi-abdine, kang
padha kumandel marang Panjenengane
tuwin nerak pangandikaning ratu sarta kang
masrahake badane, marga padha ora gelem
memuja lan nyembah sadhengah allah kejaba
Allahe. 29 Mulane Ingsun ngundhangake
dhawuh: saben wong panunggalane bangsa,
suku bangsa utawa kang basane apa
bae, kang nglairake pangala-ala marang
Allahe Sadrakh, Mesakh lan Abednego, iku
bakal katengkel-tengkel sarta omahe bakal
karubuhake kadadekake pawuhan, amarga ora
ana allah liyane kang bisa ngluwari mangkono
iku."

30 Sang Prabu banjur paring kalenggahan
kang dhuwur marang Sang Sadrakh, Sang
Mesakh lan Sang Abednego ana ing wilayah
Babil.

Prabu Nebukadnezar gumunggung banjur disorake dening Gusti Allah

4:1-37

4 1 Saka Sang Prabu Nebukadnezar marang
wong-wong saka sakehing bangsa lan
basa, kang manggon ing salumahing bumi
kabeh: "Muga tentrem rahayunira saya
wuwuh-wuwuha! 2 Ingsun karsa nyariyosake
pratandha-pratandha lan mukjijat-mukjijat
kang wus katandukake marang ingsun
dening Allah kang mahaluhur. 3 Saiba agunge
pratandha-pratandhane lan saiba anggone

ngedab-edabi mukjijat-mukjijate! Karajane iku
karajan kang langgeng sarta paprentahane iku
turun-tumurun!
4 Ingsun, Nebukadnezar, manggen ing
dalemingsun kalawan tentrem sarta gesang
kalawan suka-rena ana ing kratoningsun; 5 nuli
ingsun tampi supena kang ngejotake ingsun,
sarta gegambaraning supenaningsun ana ing
pasareaningsun tuwin wahyu kang ingsun
pirsani ora nentremake ingsun. 6 Ingsun banjur
ngundhangake dhawuh, supaya sakehe wong
wicaksana ing nagara Babil padha kairida
sowan marang ingsun, amrih padha ngunjukna
uninga marang ingsun bab maknaning supena
mau. 7 Sawuse mangkono para sarjana, para
juru gendam, para wong Kasdim lan para ahli
nujum padha sowan ngadhep sarta ingsun nuli
nyariyosake supena mau marang wong-wong
iku, nanging padha ora bisa ngunjuki uninga
bab maknane marang ingsun.
8 Wasana Daniel sowan ing ngarsaningsun,
yaiku Dhaniel kang aran Beltsazar manut
asmaning dewaningsun, lan kang kapenuhan
ing rohing para dewa kang suci. Iku nuli
ingsun cariyosi bab supena mau: 9 He
Beltsazar, kepalaning para sarjana! Ingsun
mirsa, manawa sira kapenuhan ing rohing
para dewa kang suci sarta manawa ora ana
wewadi kang angel tumrap sira! Mulane
wahyu supena kang ingsun tampi iki unjukna
maknane. 10 Anadene wahyu kang ingsun
tampi ana ing pasareaningsun iku mangkene:
ing tengah-tengahe bumi ana sawijining

wit kang dhuwur banget; [11] wit iku dadi
gedhe lan kukuh, dhuwure nganti sundhul
ing langit lan nganti kena kadeleng saka
ing poncot-poncote salumahing bumi kabeh.
[12] Godhong-godhonge endah, wohe mbiyet,
pametune dadi pangane sarupaning titah;
kewan-kewan ing ara-ara padha ngeyub ing
sangisore sarta manuk ing awang-awang pada
nusuh ana ing pang-pange, apadene sakehing
makhluk padha oleh pangan saka ing kono.
[13] Sawuse mangkono ing wahyu kang ingsun
tampi ana ing pasareaningsun iku katon ana
wong jaga, wong suci, kang tumurun saka
ing langit; [14] iku nguwuh-uwuh kanthi sora,
mangkene pangandikane: Wit iku tegoren lan
pang-pange kethokana, godhonge prithilana
sarta wohe sebar-sebarna; kewan-kewan
cikben padha buyar saka ing sangisore,
apadene manuk-manuk saka ing pang-pange!
[15] Nanging tunggake tinggalen, tumanceb
ing bumi, tinalenana nganggo rante wesi
lan tembaga ana ing pasuketan kang seger
ing ara-ara, cikben katelesan ing ebuning
langit sarta bebarengan karo kewan-kewan
oleh panduman suket ing bumi! [16] Atining
manungsane cikben salin lan diwenehi atining
kewan. Anggone mangkono iku lawase nganti
pitung mangsa. [17] Pangandika iki miturut
putusaning para kang padha jaga lan bab
iki manut tembunge para suci, supaya
para wong ngaurip sumurupa, manawa
Kang Mahaluhur iku nguwaosi karajaning
manungsa lang maringake karajan iku marang

sapa kang dikarsakake, malah sanadyan
wong kang asor dhewe bisa kaparingan
kalungguhan iku dening Panjenengane. [18] Iya
iku supena kang wus ingsun tampi, ingsun,
Prabu Nebukadnezar; saikine sira, Beltsazar,
ngunjukna maknane marang ingsun, amarga
sakehing wong wicaksana ing karajaningsun
padha ora bisa ngunjukake maknane marang
ingsun; nanging sira kang bisa, awit sira iku
kapenuhan ing rohe para dewa kang suci!”
[19] Sang Dhaniel kang asma Beltsazar banjur
legeg-legeg nganti kepara suwe, kejot
dening panggraitane. Sang Prabu ngandika:
“Beltsazar, supena lan maknane aja nganti
ngagetake sira!” Unjuke Sang Beltsazar: “Dhuh
gusti kawula, supena punika mugi tumanduka
dhumateng mengsahipun gusti kawula sarta
maknanipun dhateng satrunipun gusti kawula!
[20] Wit ingkang kapirsanan ing gusti kawula
punika, ingkang dados ageng saha kekah,
ingkang inggilipun ngantos sundhul ing langit
saha katingal ing salumahing bumi, [21] ingkang
ronipun endah-endah saha wohipun mbiyet
tuwin kadunungan tetedhan kangge sadaya
ingkang gesang, ingkang ngandhapipun
kangge pakendelan kewan-kewan ing ara-ara
saha pang-pangipun kangge nusuh peksi-peksi
ing awang-awang -- [22] punika gusti kawula,
dhuh Sang Prabu, gusti kawula ingkang
sampun dados agung saha santosa, ingkang
kamulyanipun wewah-wewah ngantos sundhul
ing langit, ingkang pangwaosipun ngantos
dumugi ing poncoting bumi! [23] Wondene

ingkang kapirsanan dening gusti kawula,
inggih punika satunggaling tiyang jagi, tiyang
ingkang suci, ingkang tumurun saking langit
kalayan nguwuh-uwuh: Wit iki tegoren lan
patenana, nanging tunggake cikben kari
tumanceb ing lemah, katalenan ing rante
wesi lan tembaga ana ing pasuketan kang
seger ing ara-ara, lan cikben katelesan ing
ebuning langit lan oleh panduman bebarengan
karo kewan-kewan ing ara-ara, anggone
mangkono iku nganti pitung mangsa lawase --
24 punika maknanipun makaten, dhuh Sang
Prabu, saha punika putusanipun Ingkang
Mahaluhur tumrap gusti kawula Sang Prabu:
25 gusti kawula badhe katundhung saking ing
antawisipun manungsa saha gusti kawula
badhe dedalem wonten ing satengahing
kewan-kewan ing ara-ara; gusti kawula
badhe kaparingan dhahar rumput, kadosdene
lembu sarta gusti kawula badhe katelesan ing
ebuning langit; saha gusti kawula nandhang
makaten punika ngantos pitung mangsa,
ngantos gusti kawula ngakeni, bilih Ingkang
Mahaluhur punika nguwaosi karajaning
manungsa saha saged maringaken karajan
wau dhateng sinten ingkang dipun karsakaken.
26 Ingkang kapratelakaken bab ngendelaken
tunggaking wit mau, punika tegesipun: gusti
kawula enggal badhe ngasta karajan punika
malih, sasampunipun gusti kawula ngakeni,
bilih ingkang kagungan pangwaos punika
Swarga. 27 Awit saking punika, dhuh Sang
Prabu, mugi unjuk pamrayogi kawula punika

ndadosna ing keparenging panggalihipun gusti
kawula: gusti kawula mugi karsaa ngicali
dosa kanthi patrap nindakaken kaadilan,
saha ngicali kalepatan kanthi patrap paring
sih-piwelas dhumateng tiyang ingkang
katindhes -- bokmanawi kasugenganipun gusti
kawula badhe kalestantunaken!”
28 Kabeh mau iya kelakon tumanduk marang
Sang Prabu Nebukadnezar; 29 awit sawuse
rolas sasi, nalika panjenengane pinuju ameng-
ameng ana ing dhuwur kadhaton ing Babil,
30 Sang Prabu banjur nglairake pangandika
mangkene: “Apa iki dudu Babil kang gedhe,
kang wus ingsun bangun dadi kutha karajan
kalawan kakuwataning pangwaosingsun
lan kanggo kaluhuraning kamulyaningsun?”
31 Durung telas pangandikane Sang Prabu,
nuli ana swara kapireng saka ing langit: “Heh
Prabu Nebukadnezar, sira kaparingan unninga,
manawa karajan wus ngalih saka ing sira;
32 sira bakal katundhung saka ing antarane
manungsa sarta bakal dedunung ana ing
satengahing kewan-kewan ing ara-ara; sira
bakal kaparingan pangan suket kayadene
sapi, lan iku bakal tumanduk marang sira
lawase pitung mangsa, nganti sira ngakoni,
manawa Kang Mahaluhur iku nguwaosi
karajaning manungsa lan saged maringake
karajan iku marang sapa kang dikarsakake!”
33 Padha sanalika pangandika iku banjur
kelakon tumrap Sang Prabu Nebukadnezar,
panjenengane katundhung saka ing antaraning
manungsa tuwin dhahar suket kaya sapi sarta

sarirane katetesan ing ebuning langit, remane
dadi panjang kaya wuluning manuk garudha
lan kenakane kaya kukuning manuk.
34 Nanging bareng wektu kang katemtokake
wus kliwat, ingsun, Nebukadnezar tumenga
marang ing langit sarta akal-budiningsun bali
maneh marang ingsun. Ingsun banjur memuji
marang Kang Mahaluhur lang ngluhurake sarta
mulyakake Kang Gesang Langgeng, marga
pangwaose iku pangwaos kang langgeng
tuwin karajane iku turun-tumurun. 35 Kabeh
kang manggon ing bumi iku kaetang remeh;
wadya-balaning langit lan kang manggon ing
bumi padha kadamel manut ing sakarsane; lan
ora ana wong siji-sijia kang bisa mekak astane
kalawan munjuk marang Panjenengane:
“Punapa ingkang Paduka tindakaken?”
36 Nalika akal-budiningsun bali marang
ingsun, kaluhuran lan kamulyaningsun uga
bali marang ingsun, ndedakake misuwuring
karajaningsun. Para mentriningsun lan
abdiningsun para panggedhe padha methuk
marang ingsun; ingsun kawangsulake marang
ing karajaningsun, malah ingsun banjur
tampi kaluhuran kang ngungkuli kang wus
kapungkur.
37 Ing samengko ingsun, Nebukadnezar,
memuji, ngluhurake lan mulyakake Sang Prabu
ing Swarga, kang sakehing pandamele bener
lan sapangrehe kabeh padha adil, sarta kwaos
ngesorake wong-wong kang gumunggung.

Tulisan ing tembok

5:1-30

5 [1] Sang Prabu Belsyazar ndamelake bujana
gedhe marang para panggedhe, abdine,
cacahe wong sewu; lan sajrone kaadhep
dening wong sewu iku panjenengane ngunjuk
anggur. [2] Nalika lagi ngematake raosing anggur
iku Sang Prabu Belsyazar dhawuh ngajokake
piranti-piranti emas lan salaka kang wus
kapundhut dening Sang Prabu Nebukadnezar,
kang rama, saka ing Padaleman Suci ing
Yerusalem, kagem ngunjuk dening Sang Prabu
lan para panggedhe, abdine, para garwane
padmi tuwin garwane ampeyan Sang Prabu.
[3] Piranti emas lan salaka, kang kapundhut saka
ing Padaleman Suci, Padalemaning Allah ing
Yerusalem iku banjur padha kaajokake sarta
kagem ngunjuk dening Sang Prabu, dening
para panggedhe, abdine tuwin para garwane
Sang Prabu kang padmi lan kang ampeyan;
[4] anggone ngunjuk anggur iku kambi memuji
marang dewa-dewa emas lan salaka tuwin
tembaga sarta wesi apadene kayu lan watu.

[5] Padha sanalika katon ana driji-drijining
tangan manungsa kang nulis ing labure
temboking kadhatone Sang Prabu adu-arep
karo padamaran, sarta Sang Prabu mirsa
kurebing tangan kang lagi nulis iku. [6] Sang
Prabu banjur pucet, lan kejot marga saka
kang diraos; ros-rosaning wentis dadi lemes,
sarta gathik-gathik jengkune. [7] Sang Prabu

nuli dhawuh kalawan sora, supaya para juru gendam, para wong Kasdim lan para ahli nujum padha kasowanake, Sang Prabu ngandika marang para wong wicaksana ing Babil iku: “Saben wong kang bisa maca tulisan iki lan bisa ngunjukake maknane marang ingsun, iku bakal dipanganggoni wungu, lan dikalungi rante emas apadene bakal kadunungan pangwasa, dadi wong katelu ana
ing karajaningsun.” 8 Nanging sakehing wong
wicaksana, abdine Sang Prabu kang wus padha sowan iku, padha ora saguh maca tulisan mau lan ora saguh ngunjukake maknane marang
Sang Prabu. 9 Bareng mangkono panggalihe
Sang Prabu Belsyazar kejot banget sarta banjur dadi pucet; para panggedhe, abdine iya padha kaget.

10 Awit saka pangandikane Sang Prabu lan para panggedhe, abdine mau, Sang Prameswari Ibu banjur tindak lumebet ing gedhong papaning bujana. Sang Prameswari Ibu tumuli ngandika: “Dhuh Sang Prabu, muga langgenga kasugengane! Ciptaning panggalih aja nganti ndadekake kejot lan aja
dadi pucet; 11 awit ing karajane Sang Prabu
ana wong kang kapenuhan ing rohe para dewa kang suci! Nalika jamane rama dalem wong iku kadunungan pepadhang, akal-budi lan kawicaksanan kang kaya kawicaksanane para dewa. Iku wus kawisudha dening Sang Prabu Nebukadnezar, rama dalem, dadi tetindhihe para sarjana, para juru gendam, para wong
Kasdim lan para ahli nujum, 12 amarga wong

iku kadunungan roh kang linuwih lan kawruh
sarta akal-budi, satemah bisa nerangake
impen, narbuka bab-bab kang winadi sarta
bisa ngudhar reruwed, yaiku Dhaniel kang
kaparingan jeneng Beltsazar dening Sang
Prabu. Mulane Dhaniel iku katimbalana saiki,
mengko mesthi bakal mratelakake maknane!”
13 Sang Dhaniel banjur kasowanake marang
ing ngarsane Sang Prabu. Sang Dhaniel
kadangu dening Sang Prabu: “Apa sira iku
Dhaniel, salah sijine wong boyongan saka ing
tanah Yehuda, kang kaboyong dening Sang
Prabu, ramaningsun? 14 Ingsun wus midhanget
bab sira, manawa sira iku kapenuhan ing
rohe para dewa kang suci, lan manawa
sira iku kadunungan pepadhang, akal-budi
lan kawicaksanan kang pinunjul. 15 Para
wong wicaksana, para juru gendam wus
padha kasowanake marang ing ngarsaningsun,
supaya padha macaa tulisan iki lan ngunjukake
maknane tembung iku. 16 Nanging tumrap
sira ingsun wus midhanget, manawa sira bisa
ngunjukake makna lan bisa ngudhar reruwed.
Awit saka iku, manawa sira bisa maca tulisan
iku lan bisa ngunjukake maknane marang
ingsun, sira bakal kapanganggonan wungu
sarta gulunira bakal kinalungan rante emas,
lan ana ing karajan kene sira bakal nduweni
pangwasa, dadi wong kang katelu.”
17 Sang Dhaniel nuli munjuk marang Sang
Prabu: “Ganjaranipun gusti kawula punika
mugi kaendhegna kemawon, peparingipun
gusti kawula punika kaparingna dhateng

tiyang sanes! Sanadyan makaten kawula
badhe maos seratan punika kagem Sang Prabu
saha ngunjukaken maknanipun dhumateng
gusti kawula. 18 Dhuh gusti kawula Sang
Prabu, Gusti Allah Ingkang Mahaluhur,
sampun maringaken pangwaos jumeneng
ratu, kaagungan, kamulyan lan kaluhuran
dhumateng Sang Prabu Nebukadnezar, rama
dalem. 19 Tuwin margi saking kaagungan
ingkang sampun kaparingaken dhumateng
panjenenganipun punika, mila para tiyang
saking sadaya bangsa, suku-bangsa saha
basa sami ajrih saha gumeter wonten ing
ngarsanipun; panjenenganipun mejahi sinten
ingkang dipun karsakaken, paring kaluhuran
dhateng ingkang dipun karsakaken saha
nglorod sinten ingkang dipun karsakaken.
20 Nanging sareng panggalihipun kumaluhur,
tuwin wangkot, satemah tindakipun langkung
dening angkuh, panjenenganipun lajeng
kalungsur saking dhamparing karajanipun
tuwin kamulyanipun kapundhut saking
ing panjenenganipun. 21 Panjenenganipun
katundhung saking ing antawisipun manungsa
saha panggalihipun dados sami kaliyan
manahipun kewan, tuwin dedalem ing
satengahing kuldi wanan; panjenenganipun
kaparingan dhahar rumput kados dene lembu,
saha sariranipun katelesan ing ebuning
langit ngantos panjenenganipun ngakeni,
bilih Gusti Allah Ingkang Mahaluhur punika
nguwaosi karajaning manungsa saha saged
njumenengaken sinten ingkang kakarsakaken

wonten ing kalenggahan punika. [22] Nanging
gusti kawula, Sang Prabu Belsyazar, ingkang
putra, boten ngesoraken dhiri, sanadyan
gusti kawula nguningani punika sadaya.
[23] Gusti kawula ngegungaken dhiri wonten
ing ngarsanipun Ingkang Kuwaos wonten ing
swarga: Pirantosing Dalemipun kaladosaken
dhumateng ing ngarsa dalem, gusti kawula
kaliyan para pangageng abdi dalem, para
garwa dalem ingkang padmi saha ingkang
ampeyan lajeng sami ngunjuk ngagem
pirantos punika; gusti kawula memuji dhateng
dewa-dewa salaka lan kencana, tembagi,
tosan, kajeng saha sela, ingkang boten
saged ningali, mireng utawi mangretos,
sarta gusti kawula boten ngluhuraken Gusti
Allah, ingkang ngregem napas dalem saha
nemtokaken margi-margi dalem. [24] Awit
saking punika Panjenenganipun lajeng ngutus
kurebing tangan punika kadhawuhan nyerat
seratan punika. [25] Wondene ungeling seratan
ingkang kaserat punika makaten: Mene,
mene, tekel ufarsin. [26] Saha maknaning
tembung-tembung punika makaten: Mene:
wekdal paprentahanipun gusti kawula sampun
kaetang dening Gusti Allah saha sampun dipun
pungkasi. [27] Tekel: gusti kawula dipun timbang
mawi traju lan pinanggihipun kenthengen;
[28] Peres: karajan dalem kapecah tuwin
kaparingaken dhateng bangsa Medhia saha
Persia."

[29] Terang dhawuh timbalan dalem Sang
Prabu Belsyazar, Sang Dhaniel banjur diagemi

pangageman wungu lan janggane kaageman
sang-sangan rante emas apadene tumuli
kaundhangake, manawa panjenengane bakal
dadi kang ngasta pangwaos kang katelu ana
ing karajan.
30 Ing bengi iku uga Sang Prabu Belsyazar,
ratuning wong Kasdim iku kasedanan.

Luweng singa

5:31--6:28 (6:1-29)

31 (6-1) Kacarita Sang Dharius, darah
Medhia, nalika yuswa sawidak loro taun,
6 nampeni paprentahan karajan. 1 (6-2)
Sang Prabu Dharius banjur misudha
wakil-raja satus rong puluh, kang bakal
kapapanake ing saindenging karajan; 2 (6-3)
iku dipanggedheni dening priyagung tetelu,
Sang Dhaniel kagolong tetelu iku. Para
wakil-raja mau kudu padha ngaturake
tanggung-jawab marang katelune iku, supaya
Sang Prabu aja nganti kapitunan. 3 (6-4)
Sarehne Sang Dhaniel ngluwihi para priyagung
lan para wakil-raja, marga kadunungan roh
kang pininjul, Sang Prabu kagungan karsa
arep misudha dadi tetindhihing wewengkon
karajan kabeh.
4 (6-5) Bareng mangkono para priyagung lan
para wakil-raja padha ngupaya dhadhakan
bisane nggugat Sang Dhaniel ing bab
paprentahan, nanging ora padha bisa
nemu dhadhakan apa bae utawa sawijining
kaluputan, sabab saka anggone setya lan

ora tau sembrana utawa tumindak luput.
5 (6-6) Wasana banjur padha rerembagan: “Kita boten badhe saged angsal dhadhakan kangge nggigat Dhaniel punika, kajawi ing bab anggenipun ngabekti dhateng Allahipun!”
6 (6-7) Para priyagung lan para wakil-raja banjur padha gumrudug sowan marang ing ngarsane Sang Prabu tuwin munjuk mangkene: Dhuh Sang Prabu Dharius, mugi
langgenga kasugengan dalem. 7 (6-8) Sadaya
priyagung ing karajan punika, para ingkang nyepeng pangwaos saha para wakil-raja, para mentri saha bupati sampun sami saiyeg, supados wontena putusan ingkang kaundhangaken tuwin wontena putusan awisan, supados sinten ingkang salebetipun tigang dasa dinten gadhah panyuwun dhumateng salah satunggaling dewa utawa manungsa, boten dhateng panjenengan dalem, punika badhe kacemplungaken
ing luwenging singa. 8 (6-9) Awit saking
punika, dhuh Sang Prabu, mugi karsaa ngundhangaken awisan punika saha karsaa damel serat prentah ingkang boten saged kaewahan manut undhang-undhangipun bangsa Medhia lan Persia, ingkang boten
saged kaceled malih.” 9 (6-10) Awit saka iku
Sang Prabu Dharius banjur damel layang prentah larangan iku.
10 (6-11) Bareng Sang Dhaniel mireng, manawa prentah iku wus kadamel, banjur kondur menyang ing daleme. Ing panggunging daleme ana cendhelane menga madhep

ing keblate kutha Yerusalem; sadina ping
telu anggone sujud jengkeng, ndedonga
lan memuji marang Allahe, kayadene adat
kang ditindakake. [11] (6-12) Para priyayi mau
banjur padha enggal-enggal lumebet temah
Sang Dhaniel pinanggih lagi ndedonga lan
nyenyuwun marang Allahe.
[12] (6-13) Sawuse mangkono para priyayi mau
tumuli sowan ing ngarsane Sang Prabu lan
munjuk pitaken bab larangane Sang Prabu:
“Gusti kawula rak ngundhangaken awisan,
ing salebetipun tigang dasa dinten punika
saben tiyang ingkang nyenyuwun dhateng
salah satunggaling dewa utawi manungsa,
boten namung mligi dhumateng gusti kawula,
dhuh Sang Prabu, badhe kacemplungaken
ing luwenging singa?” Paring wangsulane
Sang Prabu: “Prakara iku wus katemtokake
miturut angger-anggere bangsa Medhia lan
Persia, kang ora kena diceled.” [13] (6-14) Para
priyayi mau banjur munjuk marang Sang
Prabu: “Dhaniel, salah satunggaling tiyang
boyongan saking Yehuda, punika boten maelu
dhateng gusti kawula, dhuh Sang Prabu,
tuwin boten mreduli dhateng awisan ingkang
kaundhangaken dening gusti kawula, awitdene
ndedonga sadinten kaping tiga.” [14] (6-15)
Bareng Sang Prabu midhanget bab iku,
banget sungkawane sarta nuli ngudi supaya
bisaa ngluwari Sang Dhaniel, malah nganti
srengenge surup isih mbudi-daya bisane
paring pitulungan.

[15] (6-16) Para priyayi mau banjur padha
gumrudug sowan marang ing ngarsane
Sang Prabu sarta munjuk: "Dhuh Sang
Prabu, mugi kauningana, bilih manut
angger-anggeripun bangsa Medhia saha Persia
boten wonten awisan utawi kekancingan
ingkang kaundhangaken dening Sang Prabu,
ingkang kenging kaewahan!" [16] (6-17)
Bareng mangkono Sang Prabu nuli paring
dhawuh nyepeng Sang Dhaniel, sarta banjur
kacemplungake ing luwenging singa. Sang
Prabu ngandika marang sang Dhaniel: "Allahira
kang sira sembah kalawan mantep iku muga
karsaa ngluwari sira!" [17] (6-18) Banjur ana
watu kang kagawa mrono kanggo nutupi
cangkeming luweng, nuli kasegel dening Sang
Prabu kalawan ageme sesupepanyegelan lan
kalawan sesupe-panyegelane para panggedhe,
abdine, supaya bab Sang Dhaniel iku ora ana
owah-owahan apa-apa. [18] (6-19) Sang Prabu
tumuli kondur angadhaton lan sawengi iku
panjenengane siyam sarta ora mbetahake
panglipur apadene ora saged sare.
[19] (6-20) Bareng bangun esuk wayah
bangbang wetan Sang Prabu wungu lan banjur
enggal-enggal rawuh ing luwenging singa;
[20] (6-21) bareng ana sacelake luweng, nuli
nguwuh marang Sang Dhaniel kalawan swara
sungkawa, mangkene pangandikane marang
Sang Dhaniel: "Dhaniel, abdining Allah kang
gesang, Allahira kang sira sembah kalawan
tumemen, apa Panjenengane saged ngluwari
sira saka ing singa-singa iku?" [21] (6-22) Unjuk

wangsulane Sang Dhaniel marang Sang Prabu:
“Dhuh Sang Prabu, langgenga kasugengan
dalem! 22 (6-23) Alah kawula sampun ngutus
malaekatipun mbungkem cangkemipun
singa-singa punika, satemah boten saged
nyikara dhumateng kawula, amargi kawula
pancen boten kadunungan kalepatan wonten
ing ngarsanipun; nanging ugi dhumateng
panjenengan dalem kawula boten nandukaken
piawon.” 23 (6-24) Ing kono Sang Prabu banjur
banget sukane sarta paring dhawuh, supaya
Sang Dhaniel kainggahake saka ing luweng.
Sang Dhaniel tumuli kainggahake saka ing
luweng, lan pinanggih ora ana tatune apa-apa,
marga saka anggone kumandel marang Allahe.
24 (6-25) Sang Prabu banjur dhawuh nyepeng
para kang padha nggugat Sang Dhaniel sarta
padha kacemplungake ing luwenging singa
dalasan para putra lan garwane pisan. Durung
nganti tekan ing dhasaring luweng wus padha
kadekep dening singa, malah balung-balunge
padha karemuk.

25 (6-26) Sawise mangkono Sang Prabu
Dhaniel tumuli kintun serat marang wong-
wong saka sakehing bangsa, suku bangsa lan
basa, kang manggon ing salumahing bumi
kabeh, ijemane: “Tentrem rahayunira muga
saya wuwuha! 26 (6-27) Abareng iki ingsun
paring dhawuh, wong-wong ing saindenging
karajan kang ingsun kuwaosi, kudu wedi
kalawan gumeter marang Allahe Dhaniel,
amarga Panjenengane iku Allah kang gesang
langgeng ing salawase; paprentahane ora

bakal sirna lan pangwaose ora bakal ana uwise.
27 (6-28) Panjenengane paring pangluwaran
lan pitulungan, sarta nganakake pratandha-pratandha lan mukjijat-mukjijat ana ing
langit apadene ing bumi; Panjenengane wus
nguwalake Dhaniel saka ing cangkeme singa."
28 (6-29) Anadene Sang Dhaniel mau
kagungan kalenggahan dhuwur ing jaman
paprentahane Sang Prabu Dharius lan ing
jaman paprentahane Sang Prabu Koresy, trah
Persia.

Sato kewan papat lan Putraning Manungsa

7:1-28

7 1 Ing taun kang kapisane paprentahane
Sang Prabu Belsyazar, ratu ing Babil,
Sang Dhaniel ing sajroning supena tampa
wahyu ana ing pasareane. Supena iku banjur
kaseratan, anadene wosing supenane iku
mangkene:
2 Pangandikane Sang Dhaniel mangkene:
"Ing nalika bengi aku tampa wahyu, angin
papat ing langit katon ngocakake sagara
gedhe,
3 nuli ana kewan gedhe papat muncul
jumedhul saka ing sajroning sagara, kang
siji beda karo sijine.
4 Kang kapisan rupane
kaya singa, lan nganggo swiwining manuk
garudha. Iku terus bae daksawang nganti
swiwine dijabut; kewan mau nuli kajunjung
saka ing lemah lan kaadegake kaya manungsa
sarta banjur kaanjingan ing atining manungsa.
5 Tumuli katon ana kewan liyane, kang

kapindho rupane kaya bruwang; iku njejegake
awake sasisih, cangkeme lagi nyokot balung
iga telu; kewan iku kacelathonan mangkene:
Ayo mangana daging kang akeh!
6 Sawuse
mangkono aku sumurup kewan liyane, rupane
kaya macan tutul; gegere ana swiwine manuk
papat sarta maneh kewan iku endhase papat,
sarta kaparingan pangwasa.
7 Sawuse iku ing sajroning wahyu ing bengi
iku aku tumon kewan kang kapat, kang medeni
lan nggegirisi sarta rosa banget. Untune
wesi gedhe-gedhe; kewan iku memangsa lan
ngreremuk, sisane kaidak-idak kalawan sikile;
kewan iku beda karo kewan-kewan kang dhisik
mau, apadene kadunungan sungu sapuluh.
8 Sajrone aku migatekake sungu-sungune
iku, ing tengahe ana sungu cilik kang thukul,
njalari sungu kang dhisik mau copot telu;
sungu cilik iku katon ana matane kaya
mataning manungsa lan ana cangkeme kang
ngucap gumunggung.
9 Aku terus bae anggonku ndeleng nganti
ana dhampar-dhampar kang katata, banjur
ana kang lenggah Kang Sepuh ing Yuswa;
pangagemane putih kaya salju lan remane
resik kaya wulu wedhus; kang minangka
dhampare urubing geni, mawa rodha geni kang
makantar-kantar;
10 ana kali geni kang metu
lan mili saka ing ngarsane; Panjenengane
kaladosan ing ewoning ewon lan puluhan ewon
ping puluhan ewon. Pradata Pangadilan banjur
marepat lan kitab-kitab padha kabukakan.

[11] Aku terus bae anggonku maspadakake,
marang saka tembung-tembung kang
gumunggung kang diucapake dening sungu
mau. Aku terus bae anggonku maspadakake
nganti kewan iku dipateni, awake kalebur lan
kaulungake marang geni kang ngengobong.
[12] Pangwasane kewan-kewan liyane iya
kacabut lan suwening uripe katemtokake
nganti tekan mangsa lan wayahe. [13] Ing
sajroning wahyu ing bengi iku aku terus bae
anggonku ndeleng; banjur ana kang rawuh
nitih mega saka ing langit, kaya Putraning
Manungsa, kang nuli sowan marang ing
ngarsane Kang sepuh ing Yuswa mau lan
iya banjur kairid sowan ing Panjenengane,
[14] tumuli kaparingan pangwaos lan kaluhuran
sarta pangwaosing karajan; wong-wong
saka sakehing bangsa, suku bangsa lan basa
banjur padha ngabdi marang Panjenengane.
Pangwaose iku pangwaos kang langgeng, kang
ora bakal sirna, sarta karajane iku karajan
kang ora bakal rusak.
[15] Aku, Dhaniel, trenyuh, lan wahyu-wahyu
kang dakdeleng, iku ngagetake aku. [16] Aku
banjur nyedhaki salah sawijining wong,
panunggalane kang padha ngadeg ing kana
lan aku nyuwun katrangan bab iku mau kabeh.
Aku nuli dipangandikani lan diparingi sumurup
bab tegese. [17] Kewan gedhe papat iku karajan
papat kang bakal muncul ana ing bumi.
[18] Sawuse iku para wong suci kagungane
Kang Mahaluhur bakal padha nampani
paprentahan, lan bakal nyekel paprentahan

iku ing salawas-lawase, malah langgeng ing
salawase.
[19] Aku banjur kepengin oleh katrangan bab
kewan kang papat, kang beda karo kewan
liyane kabeh, kang medeni banget, kang
untune wesi lan kukune tembaga, kang
memangsa lan ngerereremuk sarta kang ngidak-
idak sisane kalawan sikile; [20] sarta bab sungu
sapuluh kang ana ing endhase tuwin sungu
liyane, yaiku sungu kang ana matane lan kang
ana cangkeme kang ngucap gumunggung,
kang nuli thukul njalari pothole sungu telu,
apadene kang wujude luwih gedhe katimbang
sungu-sungu liyane. [21] Aku nuli ndeleng sungu
mau perang karo para wong suci, kang padha
dikalahake, [22] nganti Kang Sepuh Yuswane
mau rawuh lan maringake kaadilan marang
para wong suci kagungane Kang Mahaluhur
lan wus tumeka ing wancine para wong suci
mau padha nyekel paprentahan.
[23] Mangkene pangandikane: "Kewan kang
kapat iku karajan kang kapat kang bakal ana
ing bumi, kang bakale beda karo sakehing
karajan lan bakal nguntal salumahing bumi
kabeh, kang nuli kaidak-idak lan karemuk.
[24] Sungu sapuluh iku raja sapuluh kang muncul
saka ing karajan iku. Sawuse iku banjur bakal
ana ratu kang muncul, kang beda karo para
ratu kang dhisik sarta kang bakal ngesorake
ratu telu. [25] Iku bakal ngucapake tetembungan
kang nglawan marang Kang Mahaluhur, lan
bakal nganiaya para wong suci kagungane
Kang Mahaluhur, sarta mbudi-daya ngowahi

wektu lan angger-angger, tuwin sakehe wong
mau bakal kapasrahake ing astane ratu mau
lawase samangsa lan rong mangsa sarta
satengah mangsa. 26 Pradata Pangadilan
banjur bakal marepat, ratu mau pangwasane
bakal kacabut lan tumuli kalebur nganti sirna.
27 Sawuse mangkono paprentahan, pangwasa
lan kamulyaning karajan-karajan ing sangisore
saindenging langit bakal kaparingake marang
para wong suci, umat kagungane Kang
Mahaluhur; paprentahane iki paprentahan
kang langgeng sarta sakehing pangwasa bakal
ngabdi lan mbangun miturut marang para suci
mau.
28 Tekan samene pawartane iku. Dene aku,
Dhaniel, kaget banget dening gagasan-
gagasanku, nganti aku dadi pucet sarta bab
iku daksimpen ing sajroning atiku."

Wedhus gembel lanang lan wedhus berok lanang

8:1-27

8 1 Ing taun katelune paprentahane Sang
Prabu Belsyazar, aku, Dhaniel, tampa
wahyu sawuse wahyu kang dakdeleng dhisik.
2 Ing sajroning wahyu iku aku ndeleng --
aku ana ing beteng Susan ing wewengkoning
tanah Elam nalika ndeleng iku -- aku ndeleng
ing sajroning wahyu iku, aku lagi ana ing
sapinggiring kali Ulai. 3 Aku ndengengek
banjur weruh wedhus gembel lanang ngadeg
ing sangareping kali iku; sungune loro

dawa-dawa, nanging kang siji luwih dawa
tinimbang sijine, dene kang dawa iku thukule
keri. 4 Aku ndeleng wedhus gembel lanang iku
mbijig mangulon, mangalor lan mangidul, lan
ora ana kewan siji-sijia kang bisa lestari ana
ing ngarepe lan ora ana kang bisa nguwalake
saka ing pangwasane; wedhus mau tumindak
sakarep-karep lan dadi gumedhe.
5 Nanging sajrone aku nyawang iku mau,
nuli ana wedhus berok lanang teka saka ing
kulon, kang ndlajahi salumahing bumi tanpa
ngambah lemah; sarta wedhus berok lanang
iku ana sungune kang aneh siji kaprenah
ing selaning matane. 6 Wedhus iki banjur
marani wedhus gembel lanang kang sungune
loro, kang dakdeleng ngadeg ing sangarepe
kali mau, tumuli ditempuh sarosane. 7 Aku
sumurup anggone nyedaki wedhus gembel
lanang iku; marga saka nepsune wedhus
gembel lanang mau banjur dibijig, sungune
loro pisan dipokah; wedhuse gembel lanang
iku ora duwe kakuwatan kanggo nanggulangi,
malah banjur dibanting ing bumi, diidak-idak,
lan ora ana kang nguwalake wedhus gembel
lanang iku saka pangwasane. 8 Wedhus berok
lanang iku banget anggone gumunggung,
nanging nalika gedhe-gedhening pangwasane,
sungune kang gedhe iku sempal, tilas
panggonane kathukulan sungu kang aneh
papat, madhep marang keblat papat ing langit.
9 Sungune mau ana siji kang kathukulan
sungu cilik, kang tumuli dadi gedhe banget,
thukule mangidul, mangetan lan ngadhepake

Tanah Endah, [10] gedhene nganti tekan ing
wewengkoning wadya-balaning langit lan
wadya-balaning langit iku, yaiku lintang-
lintang, ana sawatara kang katibakake ing
bumi sarta banjur kaidak-idak. [11] Malah ana
ing ngarsane Ratuning wadya-bala mau
iya ngatonake gumunggunge, kurban kang
kacaosake marang Panjenengane saben dina,
iku karebut, sarta padalemane kang suci
dirubuhake. [12] Nuli nganakake tata-panembah
kang duraka kanggo nyalini kurban dinan;
kabeneran kabanting ing bumi, sarta apa bae
kang katindakake, kabeh kelakon.

[13] Aku banjur krungu wong suci ngandika
lan banjur ana wong suci liyane kang ndangu
marang kang ngandika mau mangkene:
“Nganti pira lawase tumindaking wahyu iki,
yaiku kurban dinan lan duraka kang ngrusak,
papan suci kang dipasrahake lan wadya-bala
kang diidak-idak?” [14] Tumuli kaparingan
wangsulan mangkene: “Nganti rong ewu
telung atus sore lan esok, sawuse iku papan
suci mau bakal kapulihake maneh kaanane ing
sabenere.”

[15] Sajrone aku, Dhaniel, ndeleng wahyu iku
lan ngudi bisane mangreti, banjur ana kang
jumeneng ana ing ngarepku, kang katon
kaya priya; [16] tuwin aku krungu swaraning
manungsa saka ing satengahing kali Ulai
kang dhawuh mangkene: “He, Gabriel! Wong
iku sumurupna marang tegese wahyu iku!”
[17] Iku banjur nyelaki aku: bareng wus celak,
aku kaget lan tiba kerungkep. Aku banjur

dipangandikani: “Mangretia, he anaking
manungsa, wahyu iku tumuju marang jaman
wekasan!” 18 Nalika panjenengane lagi
ngandika marang aku mangkono iku, aku
nuli semaput lan tiba kerungkep ing lemah;
nanging aku banjur didemek lan diadegake
maneh.
19 Sawuse mangkono aku dipangandikani:
“Kowe daksumurupake marang apa kang
bakal kelakon ing wekasaning bebendu, sabab
bab iki tumuju marang wekasaning jaman.
20 Wedhus gembel lanang kang kokdeleng,
kang sungune loro iku para ratune bangsa
Medhia lan Persia. 21 Dene wedhus berok
lanang kang wulune dhiwut-dhiwut iku ratu
ing nagara Yunani, sarta sungu gedhe kang
dumunung ing saantarane matane loro
mau iku ratu kang kawitan. 22 Sabanjure
potholing sungu mau kang tilase kathukulan
sungu papat, iku tegese: bakal ana karajan
papat kang jumedhul saka ing bangsa iku,
nanging pangwasane ora padha karo kang
dhisik. 23 Ing wekasane karajan-karajan
iku, manawa para wong duraka wus kebak
pialane, bakal ana ratu kang madeg kang
rupane sumengit tuwin kang pinter tumindak
goroh. 24 Kakuwatane bakal ngedab-edabi,
nanging iya ora kaya kang dhisik, iku bakal
nekakake karusakan kang nggegirisi, sarta
apa kang katindakake bakal kelakon kasil.
Para wong kang kadunungan pangwasa bakal
kasirnakake, samono uga bangsane wong suci.
25 Lan marga saka julige, anggone ngengapusi

bakal oleh gawe. Sateruse banjur bakal dadi
gumunggung, lan ora kanyana-nyana akeh
wong kang dumadakan disirnakake; uga bakal
nglawan Ratuning para ratu. Nanging tanpa
katandangan tanganing manungsa, bakal
kalebur. 26 Dene wahyu bab peteng lan esuk,
kang kapangandikakake, iku nyata. Nanging
kowe, wahyu iku simpenen, sabab bab iki
tumuju marang kang kelakone isih suwe
banget.”
27 Aku, Dhaniel, kesel banget temah banjur
lara sawatara dina; sawuse mangkono aku
tumuli tangi lan nindakake ayahane Sang
Prabu maneh. Anadene wahyu mau ndadekake
horeging atiku kang banget, nanging ora ana
kang mangreti.

Pandongane Nabi Dhaniel

9:1-19

9 1 Nalika ing taun kang kapisane
paprentahane Sang Prabu Dharius,
putrane Sang Prabu Ahasyweros trah Medhia,
kang wus jumeneng ratu ana ing karajane
bangsa Kasdim, 2 ing taun kapisane anggone
jumeneng nata iku, aku, Dhaniel, niti-priksa
ana ing kumpulan Kitab, cacahing taun, kang
manut pangandikane Pangeran Yehuwah
marang Nabi Yeremia bakal kelakon tumrap
tumpukan gempurane kutha Yerusalem yaiku
pitung puluh taun.
3 Aku banjur tumenga marang Pangeran
Allah prelu ndedonga lan nyenyuwun kalawan

puwasa lan manganggo bagor lan awu. 4 Awu
nyenyuwun marang Pangeran Yehuwah,
Allahku kalawan ngakoni dosaku mangkene:
“Dhuh Yehuwah ingkang mahaagung saha
nggegirisi, ingkang netepi prajanjian tuwin
sih-palimirma dhateng para tiyang ingkang
sami tresna dhumateng Paduka sarta netepi
pepaken Paduka. 5 Kawula sampun sami
nglampahi dosa tuwin kalepatan, kawula
sampun sami nglampahi duraka saha
sampun sami mbalela, kawula sampun sami
nyimpang saking pepaken saha pranatan
Paduka; 6 kawula sami boten mbangun
miturut dhumateng para abdi Paduka,
para nabi ingkang sampun sami nglairaken
pangandika atas asma Paduka dhateng para
ratu kawula, para pangageng kawula, para
leluhur kawula tuwin dhateng sabangsa ing
nagari sadaya. 7 Dhuh Pangeran, Paduka
punika ingkang leres, nanging kawula sampun
samesthinipun manawi sami wirang kados
ing dinten samangke punika, kawula para
tiyang Yehuda, para ingkang manggen ing
kitha Yerusalem lan tiyang Israel sadaya,
ingkang celak saha ingkang tebih, wonten
ing sakathahing nagari, ingkang Paduka
agem mbucali tiyang-tiyang punika, margi
saking anggenipun boten setya dhumateng
Paduka. 8 Dhuh Yehuwah, kawula sadaya, para
ratu kawula, para pangageng kawula saha
para leluhur kawula sampun samesthinipun
manawi wirang, amargi kawula sampun
sami nglampahi dosa dhumateng Paduka.

9 Pangeran, Allah kawula, kagungan piwelas
tuwin pangapunten, sanadyan kawula sampun
sami mbalela dhumateng Panjenenganipun,
10 tuwin sami boten mirengaken swantening
Sang Yehuwah, Allah kawula, ingkang
dhawhuh dhumateng kawula sadaya supados
gesang miturut pepaken ingkang sampun
kaparingaken dhumateng kawula sadaya
lumantar para nabi, abdinipun. 11 Sadaya
tiyang Israel sampun sami nerak pepaken
Paduka tuwin sami nyimpang, awit boten
mirengaken swanten Paduka! Awit saking
punika kawula sampun sami kadhawahan
ing ipat-ipat saha supaos, ingkang kaserat
ing Kitab Toretipun Nabi Musa, abdinipun
Gusti Allah punika, amargi kawula sampun
nglampahi dosa dhumateng Panjenenganipun.
12 Punapadene Panjenenganipun sampun
netepi pangandikanipun, ingkang
kaparingaken tumrap kawula sadaya
saha tumrap para ingkang sami sampun
ngereh kawula sadaya, inggih punika bilih
Panjenenganipun badhe ndhawahaken bilai
ingkang ageng dhateng kawula sadaya,
ingkang dereng nate kalampahan wonten
ing sagandhaping langit sadaya, kados
ingkang sampun kalampahan wonten ing
Yerusalem. 13 Kadosdene ingkang kaseratan
wonten ing Kitab Toretipun Nabi Musa; bilai
punika sadaya sampun tumempuh dhateng
kawula sadaya, dene kawula boten sami
nyuwun sih-piwelasing Sang Yehuwah, Allah
kawula, kanthi patrap nilar sakathahing

kalepatan kawula sadaya saha migatosaken
dhateng kaleresan ingkang saking Paduka.
14 Awit saking punika Pangeran Yehuwah
nyadhangaken bilai punika saha lajeng
kadhawahaken dhateng kawula sadaya; awit
Pangeran Yehuwah, Allah kawula punika adil
ing sadaya pandamel ingkang katindakaken,
ewasamanten kawula sami boten mirengaken
swantenipun. 15 Milanipun, dhuh Pangeran,
Allah kawula, ingkang sampun ngirid umat
Paduka medal saking tanah Mesir kalayan
asta ingkang kiyat, saha damel misuwuring
asma Paduka, kados ing dinten punika, kawula
sampun sami damel dosa, kawula sampun
sami nglampahi duraka. 16 Dhuh Pangeran,
supados ngetrepana ing sih-piwelas Paduka,
mugi deduka saha bebendu Paduka sumingkira
saking Yerusalem, kitha Paduka, redi Paduka
ingkang suci; awit margi saking dosa kawula
sadaya saha margi saking kalepatanipun para
leluhur kawula, Yerusalem tuwin umat Paduka
sampun dados cacad tumrap sadaya tiyang
ing sakiwa-tengen kawula. 17 Milanipun, dhuh
Allah kawula, mugi karsaa midhangetaken
pandonga sarta panyuwunanipun abdi
Paduka punika, saha mugi karsaa nyunari
pasucen Paduka ingkang sampun risak
punika kaliyan wedana Paduka, awit saking
Paduka piyambak. 18 Dhuh Allah kawula, mugi
karsaa nilingaken tuwin midhangetaken, mugi
paningal Paduka karsaa maspaosaken saha
karsaa mirsani, karisakan kawula sadaya tuwin
kitha ingkang kasebut mawi asma Paduka;

wondene anggen kawula sami ngunjukaken
pandonga kawula wonten ing ngarsa Paduka
punika boten adhedhasar lelabetan kawula,
nanging alandhesan sih-katresnan Paduka
ingkang luber. [19] Dhuh Pangeran, mugi karsaa
miyarsakaken! Dhuh Yehuwah, mugi karsaa
paring pangapunten! Dhuh Yehuwah, mugi
karsaa miyarsakaken saha lajeng karsaa
tumindak, sampun ngantos ngrandhataken,
awit saking Paduka piyambak, dhuh Allah
kawula, sabab kitha Paduka saha umat Paduka
kasebut mawi asma Paduka!”

Pitung puluh ping pitung mangsa

9:20-27

[20] Sajrone aku matur lan ndedonga
sarta ngakoni dosaku apadene dosane
bangsaku, bangsa Israel, tuwin ngunjukake
panyuwunanku tumrap gununge suci Allahku
marang ing ngarsaning Sang Yehuwah Allahku,
[21] sajrone munjuk ing sajrone pandonga iku,
Sang Gabriel mabur kalawan rikat murugi aku,
yaiku panjenengane, kang wus dakdeleng ing
sajroning wahyu kang dhisik nalika nyaosake
kurban sore. [22] Aku diparingi piwulang lan
dipangandikani mangkene: “Dhaniel, tekaku
saiki iki prelu menehi akal-budi marang kowe
supaya ngreti. [23] Nalika kowe wiwit ngaturake
panyuwunan, ana pangandika kang kawiyos,
aku banjur teka prelu aweh sumurup marang
kowe bab iku, awit kowe iku banget kinasihan.

Mulane pangandika iku gatekna sarta wahyu
iku titenana!
24 Pitung puluh kaping pitung mangsa, iku
wus katetepake tumrap bangsamu lan tumrap
kuthamu kang suci, kanggo nyirnakake
duraka, kanggo nguwisi dosa, kanggo ngilangi
kasalahan, kanggo nekakake kaadilan kang
langgeng, kanggo ngganepake wahyu lan nabi,
sarta kanggo njebadi pasucen kang pinunjul.
25 Sumurupa lan mangretia: wiwit kawiyose
pangandika mau, yaiku manawa Yerusalem
bakal kapulihake lan kabangun maneh, nganti
rawuhe kang dijebadi, yaiku sawijining ratu,
iku ana pitu kaping pitung mangsa; lan
sawidak loro kaping pitung mangsa lawase
anggone kutha iku bakal kabangun maneh,
mawa alun-alun lan kalen, nanging ana ing
sajroning karubedan.
26 Sawuse sawidak loro
kaping pitung mangsa iku, kang wus jinebadan
mau bakal kasingkirake, mangka ora ana
kaluputane apa-apa. Kutha lan pasucen bakal
kasirnakake dening balaning sawijine ratu
kang bakal teka, nanging ratu mau bakal
tiwas kabanjiran; sarta maneh ngnati tekan
ing wekasaning jaman bakal ana peperangan
lan karusakan, cundhuk karo apa kang wus
katetepake.
27 Ratu mau bakal damel aboting
prajanjian iku tumraping wong akeh lawase
pitung mangsa. Ing tengah-tengahing pitung
mangsa iku panjenengane bakal nguwisi
kurban sembelehan lan kurban dhaharan;
juru pangrusak banjur bakal teka kalawan
swiwining kanisthan, nganti karusakan kang

wus katetepake tumempuh marang kang
ngrusak mau.”

Wahyu marang Nabi Dhaniel ana ing sapinggiring bengawan Tigris

10:1--11:1

10 1 Ing taun kang katelune paprentahane
Sang Prabu Koresy, ratu ing Persia, ana
pangandika kang kawedharake marang Sang
Dhaniel kang asma Beltsazar; pangandika
iku sanyata lan mratelakake bab karubedan
kang gedhe. Panjenengane mangretos marang
pangandika mau sarta migatosake marang
wahyu iku.
2 Ing nalika iku aku, Dhaniel nglakoni prihatin
telung minggu: 3 ora mangan pangan kang
enak, cangkemku ora klebon daging lan
anggur sarta aku ora nganggo lenga jebad
nganti sapundhate telung minggu mau. 4 Ing
dina kang kaping patlikur ing sasi kapisan,
nalika aku ana ing sapinggire kali gedhe,
yaiku kali Tigris, 5 aku ndengengek sumurup
ana priya ngagem pangageman lena lan
paningset emas saka ing Ufas. 6 Sarirane
kaya sesotya Tarsis sarta pasuryane kaya
cahyaning kilat; paningale kaya obor murub;
astane lan sampeyane gumilap kaya tembaga
ginebeg, sarta swantening pangandikane kaya
gumuruhe wong akeh. 7 Mung aku dhewe,
Dhaniel, kang ndeleng wahyu iku, wong liyane
kang padha bebarengan karo aku, padha ora
sumurup; mung bae iku padha ketaman ing

pagiris kang banget, satemah padha lumayu
ndhelik; [8] dadine aku mung kari ijen.
Nalika aku ndeleng wahyu kang gedhe mau,
aku banjur koncatan kakuwatanku kabeh; aku
dadi pucet banget lan lemes. [9] Aku nuli krungu
swantening pangandikane iku, aku banjur
tiba kerungkeb ora eling. [10] Nanging tumuli
ana asta kang ndemek aku, aku ditangekake,
temah aku krengkangan kalawan dhengkul lan
tanganku. [11] Aku dipangandikani mangkene:
“Dhaniel, kowe iku wong kang kinasihan,
gatekna apa kang dakkandhakake marang
kowe iki, ngadega, awit aku iki diutus marani
kowe.” Bareng aku dipangandikani mangkono
iku, aku nuli ngadeg kalawan gumeter. [12] Aku
banjur dipangandikani mangkene: “Aja wedi,
Dhaniel, amarga wiwit dina kapisan anggonmu
nduweni niyat kapengin oleh pangreten
lan anggonmu ngasorake awakmu ana ing
ngarsaning Allahmu, panyuwunanmu wus
katrimah, dene anggonku teka iki iya marga
saka panyuwunanmu iku. [13] Panggedhene
karajan Persia iku nglawan marang aku lawase
selikur dina; nanging Sang Mikhael, sawijining
panggedhe kang pinunjul, iku rawuh mbiyantu
aku, nuli daktinggal ana ing kana nalika lagi
ajeng-ajengan karo para rajane wong Persia.
[14] Aku banjur mrene prelu aweh sumurup
marang kowe bab apa kang bakal kelakon
tumrap bangsamu besuk ing dina wekasan,
amarga wahyu iki iya tumuju marang jaman
kang bakal kelakon.”

15 Nalika bab iki dipangandikakake marang
aku, aku tumungkul kalawan njenger.
16 Nanging tumuli ana kang ndemok lambeku,
kang sawangane kaya manungsa; aku banjur
mbukak cangkemku lan wiwit celathu, matur
marang kang jumeneng ana ing ngarepku
iku: "Dhuh Bendara, margi saking wahyu
punika kawula lajeng ngraos sakit saha boten
kadunungan kakiyatan malih. 17 Nanging
kadospundi dene kawula, ingkang abdi kok
saged wawan rembag kaliyan Bendara kawula,
mangka kawula sampun boten gadhah
kakiyatan malih saha sampun boten wonten
ambekan kawula?" 18 Panjenengane kang
sawangane kaya manungsa iku tumuli ndemek
aku maneh lan paring kakuwatan marang
aku, 19 kalawan ngandika: "Heh wong kang
kinasihan, aja wedi, tentrem rahayu anaa ing
kowe, sing santosa, sing santosa!" Sajrone aku
dipangandikani mangkono iku, aku rumangsa
banjur dadi kuwat maneh lan matur: "Kawula
aturi ngandika, dhuh Bendara kawula, awit
kawula sampun kaparingan kakiyatan."

20 Tumuli pangandikane mangkene: "Apa
kowe mangreti sababe anggonku nekani
kowe? Sadhela engkas aku arep bali arep
perang nglawan panggedhening wong Persia
lan sawuse rampung kalawan dheweke iku,
panggedhening nagara Yunani bakal teka.
21 Ewadene kowe bakal daksumurupake
marang apa kang katulisan ana ing Kitabing
Kabeneran.

Ora ana kang bakal mbiyantu aku kalawan ati
kang teguh nglawan wong-wong mau, kajaba
panggedhemu Sang Mikhael,
11 [1] kayadene dhek biyen aku uga
ngamping-ampingi, nyantosakake
lan mbiyantu panjenengane, yaiku ing taun
kapisane paprentahane Dharius, wong Medhia
iku."

Raja ing nagara Lor lan raja ing nagara Kidul

11:2-45

2 "Awit saka iku kowe bakal daksumurupake
marang bab kang nyata. Lah bakal ana ratu
telu maneh kang jumeneng ana ing nagara
Persia, banjur kang kapate iku bakal oleh
kasugihan kang gedhe ngluwihi liya-liyane
mau, sarta manawa wus dadi santosa marga
saka kasugihane, tumuli bakal ngudi kalawan
ngetog kakuwatan nglawan karajan Yunani.
3 Sawuse iku bakal ana ratu kang gagah
prakosa, kang mrentah kalawan pangwasa
kang gedhe lan tumindak ing sakarepe dhewe.
4 Nanging lagi bae madeg, karajane bakal
pecah lan kaperang-perang manut keblat
papat ing langit, nanging ora tumiba ing
turune lan ora kadunungan pangwasa kaya
dheweke; sabab karajane bakal ambruk
lan banjur kadarbe dening wong liya, dudu
wong-wong iki.
5 Ratu ing nagara Kidul bakal dadi santosa,
nanging salah sijine senapatine pangwasane

bakal ngungkuli dheweke sarta bakal nyekel
paprentahan, malah pangwasane banjur dadi
gedhe. 6 Sawuse sawatara taun sakarone nuli
padha sekuthon: putra putrine raja nagara
Kidul bakal nekani ratu ing nagara Lor lan
padha nganakake prajanjian, nanging putri
mau ora bakal lestari kadunungan pangwasa
kang gedhe, uga turune ora bisa lestari: putri
mau bakal diulungake dalasan para kang
ngiringake, anak kang dilairake lan wong
kang ngrabeni. 7 Anadene ing nalika iku bakal
ana trubusan kang thukul tunggal saoyod
karo putri mau lan bakal madeg nggenteni
wong mau, iku banjur bakal nglurugi ratu
ing nagara Lor lan lumebu ing betenge,
sarta tumindak sawenang-wenang marang
wong-wong ing kono tuwin bakal kwasa.
8 Malah para dewane lan reca-recane cithakan
apadene raja-branane salaka lan emas bakal
padha diusungi dadi jarahan menyang ing
Mesir, banjur leren sawatara taun ora perang
karo ratu ing nagara Lor. 9 Sawuse mangkono
ratu iki bakal nempuh karajan ratu ing nagara
Kidul, nanging iya banjur bali menyang ing
nagarane dhewe.

10 Anak-anake tumuli bakal tata-tata arep
perang lan nglumpukake wadya-bala akeh;
banjur ana panunggalane siji kang bakal
nempuh nglawan dheweke, samubarang
kabeh kaeroban lan kaeleban kaya katempuh
ing banjir; lan bareng nempuh kang kapindho
bakal nganti tekan ing betenging mungsuhe.
11 Raja ing nagara Kidul iku tumuli nepsu

lan maju perang nglawan ratu ing nagara
Lor, kang wus nglumpukake wadya-bala
kang akeh, lan wadya-bala kang akeh iki
bakal kaulungake ing tanganing mungsuhe.
12 Bareng wadya-bala kang akeh iku wus
kabengkas, atine temah dadi gumunggung;
ewadene sanadyan wus nyirnakake wong
pirang-pirang puluh ewu, pangwasane ora
lestari. 13 Ratu ing nagara Lor banjur bakal
nglumpukake wadya-bala akeh kang kaping
pindhone, luwih akeh katimbang kang kapisan,
lan sawuse sawatara taun bakal nglurugi
perang mungsuhe kalawan wadya-bala
gedhe lan piranti perang kang akeh. 14 Ing
nalika iku bakal akeh wong kang banjur
gumregah nglawan ratu ing nagara Kidul;
uga panunggalane bangsamu kang ambek
siya bakal gumregah mbalela, temah wahyu
mau bakal kelakon, nanging wong-wong
mau bakal padha kajengklok. 15 Ratu ing
nagara Lor tumuli bakal teka, lan ngadegake
tanggul-tanggul pangepungan sarta banjur
ngrebut kutha-beteng; wadya-bala ing nagara
Kidul bakal ora bisa nandhingi, sanadyan
para wadya-balane pepilihan iya ora bisa
nanggulangi; ora ana kakuwatan kang bisa
lumawan, 16 satemah ratu kang nempuh bakal
tumindak sawenang-wenang, lan ora ana
wong siji-sijia kang bisa nandhingi; iku bakal
ngejegi Tanah Endah, lan bakal dikwasani
babar pisan. 17 Sawuse mangkono bakal banjur
ngudi bisane ngwasani karajane wong liyane
iku kabeh, tuwin bakal nganakake prajanjian

karo dheweke, anake wadon diwenehake
kanggo ngrusak karajan iku, nanging sedyane
mau ora bisa kasil lan ora bakal njalari
kauntungane. 18 Sawuse mangkono banjur
nglurugi tanah-tanah pasisir, lan akeh kang
bakal karebut; nanging bakal ana sawijining
panggedhe prajurit kang nguwisi anggone
gawe wirang iku, malah bakal genti gawe
wirange ratu mau. 19 Nuli bakal nglurugi
kutha-kutha beteng ing nagarane dhewe,
nanging bakal kesandhung lan tiba, banjur
wus ora katemu maneh.

20 Anadene kang bakal nggenteni iku wong
kang kongkonan juru mupu-beya ana ing
wilayah perangane karajan kang endah dhewe,
nanging let sawatara dina ratu mau bakal
kasirnakake ora marga saka bebendu utawa
perang.

21 Banjur digenteni dening wong kang
asor, kang ora kadunungan kaluhuraning
ratu; nanging ora kanyana-nyana wong iku
dumadakan teka lan ngrebut karajan mau
kalawan patrap culika. 22 Wadya-bala kang
teka lan mbanjiri bakal diesatake tuwin
disirnakake ana ing ngarepe, malah uga ratu
sekuthone. 23 Wiwit anggone gawe prajanjian
kalawan dheweke, bakal atindak culika
sarta bakal maju lan dadi mundhak gedhe
pangwasane, sanadyan balane sathithik.
24 Ora kanyana-nyana banjur lumebu ing
wilayah-wilayah ing nagara iku kang subur
dhewe sarta nindakake kang durung tau
dilakoni dening para bapa lan leluhure, yaiku

ngawud-awud rayahan lan jarahan sarta
raja-brana ana ing satengahe rakyate; uga
bakal ngrerantam-rantam tumuju marang
panggonan-panggonan kang ana betenge,
nanging iku mung sawatara mangsa.
25 Pangwasane lan kakendelane bakal
dianggo nglawan ratuning nagara Kidul
kalawan migunakake wadya-bala akeh; lan
sanadyan ratu ing nagara Kidul iku bakal
siyaga perang kalawan wadya-balane kang
akeh banget lan kang linuwih, nanging ora
bisa nanggulangi, awit ana pangrencana
kang katujokake marang dheweke,
26 lan
wong-wong kang padha mangan tunggal
sameja bakal ndadekake bilaine: wadya-
balane bakal kentas sarta akeh wonge kang
tiwas pinatenan.
27 Ratu sakarone padha duwe
kekarepan kang ala; nalika padha lungguh
bebarengan ngadhep meja, padha goroh-
ginorohan; nanging bab iku bakal tanpa gawe,
amarga durung tumeka ing titi-mangsane
wekasaning jaman kang kapesthekake.
28 Ratu
ing tanah Lor iku banjur bakal bali menyang
ing nagarane kalawan nggawa raja-brana
akeh, sarta atine ngrancang arep nglawan
Prajanjian Suci, lan iku iya tumuli katindakake,
banjur mulih menyang ing nagarane.
29 Ing wektu kang wus katemtokake nuli
bakal nglurugi nagara Kidul maneh, nanging
kang kapindho iki ora bakal padha karo kang
kapisan,
30 amarga bakal linawan dening
kapal-kapale wong Kitim, satemah ilang
kawanene. Nuli mulih kalawan ati kang

ngancam-ancam marang Prajanjian Suci, lan
bakal tumindak mangkono uga; lan sawuse
bali, bakal nggatekake marang wong-wong
kang padha ninggal Prajanjian Suci.
31 Wadya-balane bakal jumedhul lan bakal
gawe najising papan suci, yaiku betenge,
nyuwak kurban dinan lan nganakake kang ora
pantes kang ngrerusak. 32 Lan wong-wong
kang tumindak duraka marang Prajanjian
bakal dibujuk-bujuk kadadekake murtad
kalawan tembung-tembung pangonggrong;
nanging umat kang wanuh marang Allahe
bakal tetep kuwat lan lestari lakune. 33 Tuwin
wong-wong panunggalane umat iku kang
wicaksana bakal mangretekake marang wong
akeh, nanging ing sawatara mangsa lawase
bakal padha ambruk dening pedhang lan geni,
jalaran ditawan lan dijarah-rayah. 34 Bareng
padha ambruk, banjur oleh pitulungan
sathithik lan akeh wong kang bakal padha
ngguyubi kalawan lelamisan. 35 Para wong
wicaksana bakal ana sawatara kang ambruk,
minangka pandadaran, panyaringan lan
kanggo ngresikake wong-wong mau, nganti
tumeka ing wekasaning jaman; amarga
wekasaning jaman iku durung tumeka ing
titi-mangsa kang wus katetepake.
36 Raja iku bakal tumindak sawenang-
wenang, bakal ngluhurake lan ngegungake
dhiri ana ing ngarepe sadhengah allah. Uga
ana ing ngarsane Gusti Allah kang ngungkuli
sakehe allah, bakal ngucapake tembung-
tembung kang ora pantes babar-pisan, sarta

bakal begja nganti tumeka ing sakatoging
bebendu; amarga apa kang wus katetepake
iku bakal kelakon. 37 Uga para allahe para
leluhure ora dipreduli; kang pinuja-puja
dening para wong wadon apadene sadhengaha
allah ora direwes, amarga awake dhewe kang
diluhurake ngungkuli iku kabeh. 38 Nanging
minangka gegentining iku kabeh, bakal
ngabekti marang dewane beteng-beteng,
dewa kang ora disumurupi dening para
leluhure iku bakal disembah-sembah kalawan
nggawa emas lan salaka sarta sesotya tuwin
barang-barang kang akeh ajine. 39 Sarta bakal
nempuh beteng-beteng kang santosa kalawan
pitulungane dewa manca iku. Sing sapa
ngakoni dewa iki bakal diluberi kaluhuran,
bakal didadekake wong kang ngwasani wong
akeh lan bakal diwenehi ganjaran tanah.
40 Nanging ing wekasaning jaman bakal
diperangi dening ratune nagara Kidul; anadene
ratu nagara Lor mau bakal ngebyuk kalawan
kreta lan bala jaranan sarta prau akeh; bakal
lumebu ing nagara-nagara kayadene banjir
kang ngerobi lan ngelebi iku kabeh, 41 samono
uga Tanah Endah iya bakal dileboni lan bakal
akeh wong kang ambruk; nanging kang
oncat saka ing tangane tanah Edom, tanah
Moab lan perangane bani Amon kang pilihan.
42 Banjur bakal ngayatake tangane marang
nagara-nagara, sanadyan nagara Mesir ora
bakal bisa oncat. 43 Raja-brana emas lan
salaka lan kabeh barange nagara Mesir kang
aji bakal diebeki sarta wong-wong Libia lan

ing Etiopia bakal ditawan. 44 Nanging bakal
kaget dening pawarta saka ing wetan lan saka
ing lor, banjur nglurug kalawan nepsu banget
arep nyirnakake lan mbengkas wong akeh.
45 Nuli ngedegake tarub-tarub kamulyan ana
ing antarane nagara lan gunung Endah kang
suci, nanging sawuse mangkono banjur bakal
ngajal, ora ana wong siji-sijia kang mitulungi."

Wekasaning jaman

12:1-13

12 1 "Ing nalika iku uga Sang Mikhael,
pemimpin agung iku, bakal rawuh
ngamping-ampingi turune bangsamu, lan
bakal ana mangsa karubedan kang gedhe,
kang durung tau kelakon wiwit anane
bangsa-bangsa nganti tumeka ing wektu
iku. Nanging nalika iku bangsamu bakal bisa
oncat, yaiku sing sapa jenenge katulis ana
ing Kitab iku. 2 Sarta wong-wong kang wus
padha turu ana ing lebuning bumi, akeh kang
padha tangi, ana kang banjur kaganjar urip
langgeng, ana kang ngrasakake kanisthan
lan pagiris kang langgeng. 3 Wong-wong
wicaksana bakal padha sumunar kaya
cahyaning langit, tuwin kang wus nenuntun
wong akeh marang kabeneran bakal kaya
lintang ing salawas-lawase.

4 Nanging kowe, Dhaniel, kabeh pangandika
iku simpenen, sarta Kitab iku segelen nganti
tumeka ing wekasaning jaman; akeh wong

kang bakal niti-priksa, apadene kawruh bakal
saya wuwuh.”
5 Sawuse mangkono aku, Dhaniel, ndeleng
ana priya loro liyane jumeneng, kang siji ana
ing sapinggiring kali ing sisih kene, sijine
ana ing sapinggiring kali ing sisih kana.
6 Kang siji matur takon marang kang ngagem
pangageman lena, kang ana ing sadhuwure
banyuning kali mau: “Bening punapa prakawis-
prakawis ingkang ngeram-eramaken punika
anggenipun badhe rampung?” 7 Aku banjur
krungu priya kang ngagem pangageman lena
kang ana ing sadhuwuring banyune kali iku
anggone supaos demi Panjenengane kang
gesang langgeng, kambi ngangkat astane
kang tengen lan kang kiwa marang ing langit:
“Iku lawase samangsa, rong mangsa lan
satengah mangsa; lan manawa wus sirna
pangwasane juru pangrusaking bangsa kang
suci iku, bab iku kabeh bakal rampung!”
8 Dene aku, pancen krungu pangandika iku,
nanging ora ngreti, mulane banjur matur
pitakon: “Dhuh Bendara kawula, punapa
wekasanipun punika sadaya?” 9 Nanging
panjenengane mangsuli, pangandikane: “Wis
ta, Dhaniel, lungaa awit pangandika iki bakal
tetep winadi lan segelen nganti wekasaning
jaman. 10 Akeh wong kang bakal kasucekake
lan diresiki sarta diuji, nanging para wong
duraka bakal tumindak duraka; wong duraka
iku ora ana siji-sijia kang bakal mengreti,
nanging para wong wicaksana bakal mangreti.
11 Wiwit kasuwake kurban dinan lan madege

dewa-dewaning kanisthan kang ngrerusak
iku ana sewu rong atus sangang puluh dina.
12 Rahayu wong kang tetep nganti-anti tumeka
sewu telung atus telung puluh lima dina.
13 Nanging kowe, lestaria nganti tumeka ing
wekasaning jaman, kowe bakal ngaso lan tangi
nampani pandumanmu besuk ing wekasaning
jaman.”

HOSEA

Bebuka

1:1

1 [1] Iki pangandikane Pangeran Yehuwah
kang kadhawuhake marang Nabi Hosea bin
Beeri, nalika jamane Sang Prabu Uzia, Yotam,
Akhas lan Hizkia, para ratu ing Yehuda, sarta
nalika jamane Sang Prabu Yerobeam bin Yoas,
ratu ing Israel.

Brayate Nabi Hosea minangka gegambaran tumrap Israel kang ora setya

1:2-9

[2] Iki wiwitaning pangandikane Pangeran
Yehuwah lumantar Nabi Hosea; dhawuhe Sang
Yehuwah marang Nabi Hosea: “Sira lungaa,
rabia karo sawijining wong wadon tuna-susila,
sarta darbea anak-anak turune wong wadon
tuna-susila, awitdene tanah iki banget
anggone laku bedhang sarta nyingkur marang
Pangeran Yehuwah.” [3] Nabi Hosea banjur
tindak ngalap garwa Gomer anake Diblaim;
wong wadon mau tumuli ngandheg lan banjur
duwe anak lanang karo Nabi Hosea. [4] Sawuse
mangkono Pangeran Yehuwah ngandika
marang Nabi Hosea: “Bayine jenengna Yizreel,
awit sadhela engkas Ingsun bakal ngukum

kulawargane Yehu, marga utang getih ing
Yizreel lan Ingsun bakal mungkasi karajan
Israel. [5] Ing wektu iku gandhewane Israel
bakal Ingsun putung ana ing lebak Yizreel.”
[6] Wong wadon mau nuli ngandheg maneh
sarta banjur duwe anak wadon; Pangeran
Yehuwah tumuli ngandika marang Nabi Hosea:
“Bayine jenengna Lo-Rukhama, awit turune
Israel bakal ora Sunwelasi maneh, lan babar
pisan ora bakal Sunapura. [7] Nanging turune
Yehuda kang bakal Sunwelasi lan Sunpitulungi
demi Sang Yehuwah Allahe. AnggoningSun
mitulungi iku ora srana panah utawa pedhang,
ora srana gegamaning perang utawa srana
jaran apadene prajurit jaranan.” [8] Lo-Rukhama
mau bareng wus disapih, wong wadon mau
banjur ngandheg maneh lan duwe anak
lanang. [9] Gusti Allah banjur ngandika: “Iku
jenengna: Lo-Ami, awitdene sira kabeh iku
dudu umatingSun, lan Ingsun dudu Allahira.”

Janji bab kaslametan

1:10-11 (1:10-12)

[10] Nanging ing tembe cacahe tutune Israel iku
bakal kaya wedhi ing sagara, kang ora kena
ditaker utawa diwilang, minangka gentine
wong kang padha kadhawuhan: “Sira iku dudu
umatingSun,” bakal kapratelakake marang
wong-wong mau: “Para putrane Gusti Allah
kang gesang.” [11] Karodene turune Yehuda lan
turune Israel bakal padha nglumpuk nunggal
sagolongan, sarta bakal ngangkat wong siji

kadadekake pemimpine, banjur bakal ngejegi
nagara iki, marga dinane Yizreel iku bakal
2 elok kaanane. [1] (1-12) Para sadulurira
lanang padha sira kandhanana: “Ami!”, lan
marangsadulurira wadon: “Rukhama!”

Israel ditampik sarta kabangun maneh

2:2-23 (2:1-22)

[2] (2-1) “Biyungira lapurna, iya lapurna,
awitdene iku dudu garwaningSun,
lan Ingsun iki dudu kakunge;
konen mbuwang panyundele saka ing raine,
lan anggone laku jina saka ing selaning susune,
[3] (2-2) supaya aja nganti Sundhedheli sandhangane kongsi wuda,
Sundadekake padha kaya ing nalika laire,
Sundamel kaya pasamunan,
Sundadekake kaya tanah mati,
banjur Suntegakake nganti mati kasatan.
[4] (2-3) Anadene anak-anake padha ora Sunwelasi,
awitdene iku padha anak sundel.
[5] (2-4) Marga biyunge dadi sundel;
kang ngetengake wus nindakake kanisthan,
awit pangucape: Aku arep ngetutake para bedhanganku,
kang aweh roti lan banyu pangombenku
kain wol lan lenaku, lengan lan omben-ombenku.

6 (2-5) Mulane lah dalane bakal Sunpasangi sangkrah eri,
sarta wong iku bakal Sunpageri tembok mubeng,
satemah ora bisa nemu dalan-dalane.
7 (2-6) Banjur arep ngoyak-oyak para bedhangane,
nanging ora bakal kecandhak,
sarta arep nggoleki para bedhangane iku,
nanging ora ketemu.
Temah banjur bakal ngucap: Dakbali ngulihi bojoku jaka-lara,
marga kaananku nalika samana luwih kapenak
tinimbang karo saiki.
8 (2-7) Nanging dheweke iku ora ngrumangsani
yen Ingsun kang maringi
gandum, anggur lan lenga,
sarta kang ngakehake salakane
lan mase kang dianggo gawe reca Baal.
9 (2-8) Mulane Ingsun bakal mundhut baline
gandumingSun ing kala mangsane,
lan angguringSun ing saben wektune,
apadene ngrampas wol lan lenaningSun
kang kanggo nutupi kawirangane.
10 (2-9) Sarta saiki bakal Suneler kawirangane,
ana ing ngarepe para bedhangane,
lan ora ana wong kang bakal ngluwari dheweke
saka ing astaningSun.

11 (2-10) Sakehe kabungahane bakal Sunuwisi
riyayane, lan sasine anyar apadene dina Sabate
lan sakehe dinane gedhe.
12 (2-11) Ingsun bakal nyirnakake wite anggur lan wite anjir,
kang wus padha diucapake:
Iki kabeh paweweh marang aku,
kang diwenehake marang aku dening kekasihku.
Iku bakal Sundadekake alas,
lan kewan ing ara-ara bakal mangani iku nganti entek.
13 (2-12) Karomaneh dheweke bakal Sunukum marga saka dina-dina
nalika nyaosake kurban marang para Baal,
sarta nganggo anting-antinge lan kalunge,
tuwin banjur ngetutake para bedhangane
nanging lali marang Ingsun,"
mangkono pangandikane Pangeran Yehuwah.
14 (2-13) "Kang iku, dheweke bakal Sunarih-arih,
sarta Sunajak menyang ing pasamunan,
lan Sunpangandikani kang gawe leganing atine.
15 (2-14) Ingsun bakal maringake kebone anggur ana ing kana,
apadene Sunparingi lebak Akhor
minangka gapuraning pangarep-arep.
Ana ing kono dheweke bakal ngidung-ngidung kaya nalika isih enom,

kaya nalika mangkat metu saka ing tanah Mesir.

16 (2-15) Ing dina iku -- mangkono pangandikaning Sang Yehuwah --,
Ingsun bakal sira sebut: Kakung kawula,
lan Ingsun ora sira sebut maneh: Baal kawula!

17 (2-16) Karomaneh jenenge sakehe Baal bakal Sunbirat saka ing cangkemira,
banjur ora disebut-sebut maneh.

18 (2-17) Sarta ing dina iku sira bakal Sundamelake prajanjian
karo sato-kewan ing ara-ara lan manuk-manuk ing awang-awang,
apadene karo sakabehe kewan kang gumremet ana ing bumi.
Gandhewa, pedhang sarta pirantining perang bakal padha Sunsirnakake saka ing bumi,
tuwin sira bakal Sundamel bisa nglegeyeh kalawan tentrem.

19 (2-18) Sira bakal Sunpundhut garwa kanggo ing salawas-lawase,
lan anggoningSun mundhut garwa sira iku kalawan kaadilan lan kabeneran,
sarta kalawan sih-susetya lan sih-katresnan.

20 (2-19) Sira bakal Sunpundhut garwa kalawan setya-tuhu,
satemah sira bakal wanuh marang Pangeran Yehuwah.

21 (2-20) Ing nalika iku -- mangkono pangandikaning Sang Yehuwah --

Ingsun bakal midhangetake marang langit,
lan langit bakal ngrungokake marang
bumi.
22 (2-21) Bumi bakal ngrungokake marang
gandum, anggur lan lenga,
sarta iku bakal padha ngrungokake
marang Yizreel.
23 (2-22) Tumuli iku bakal Sunsebar ana
ing bumi lan dadi kagunganingSun,
lan Ingsun bakal paring piwelas marang
Lo-Rukhama,
tuwin Ingsun bakal ngandika marang
Lo-Ami, iku:
Sira iku umatingSun!
Dene iku bakal munjuk: Dhuh Allah
kawula!"

Ditampani maneh, nanging ora dianggep

3:1-5

3 1 Pangeran Yehuwah ngandika marang
aku: "Sira lungaa maneh lan nresnanana
sawijining wong wadon, kang seneng dadi
sundel lan laku jina, kayadene Sang Yehuwah
uga tresna marang para wong Israel, sanadyan
iku padha mungkur marani allah liya-liyane
lan karem emplek-emplek kismis." 2 Wong
wadon iku banjur daktuku, regane limalas
sekel salaka sarta sair karotengah homer.
3 Iku nuli dakkandhani mangkene: "Kowe kudu
manggon tetunggalan karo aku nganti suwe
lan aja laku bedhang sarta aja kadarbe ing
wong lanang liya; aku iya ora bakal ngewori

turu kowe.” 4 Sabab wong Israel nganti suwe
padha dedunung tanpa raja, tanpa pemimpin,
tanpa kurban sembelehan, tanpa ngadegake
tugu brahala, tanpa efod lan tanpa terafim.
5 Sawuse mangkono wong Israel bakal padha
mratobat lan ngupaya marang Pangeran
Yehuwah Allahe sarta marang Sang Prabu
Dawud, ratune. Bakal padha sowan kalawan
gumeter marang ngarsane Sang Yehuwah
lan marang kamirahane, besuk ing dina-dina
wekasan.

Nglawan marang Imam sarta bangsa kang ora setya

4:1-19

4 1 He wong Israel, padha ngrungokna
pangandikane Pangeran Yehuwah,
awit Sang Yehuwah kagungan prakara
karo wong isine nagara kene,
marga ora ana kasetyan lan ora ana
katresnan marang Allah,
sarta ora ana kang wanuh marang Gusti
Allah ing nagara kene.
2 Kang ana mung ipat-ipat, goroh, memateni
sarta nyenyolong,
laku jina, nglakoni pangroda-peksa,
lan ngwutahake getih tanpa kendhat.
3 Mulane nagara iki bakal prihatin,
lan kang manggon bakal padha katon
nglayung;
uga kewan-kewan ing ara-ara lan manuk ing
awang-awang,

dalasan iwak-iwak ing sagara bakal padha
sirna.
4 Mung bae aja ana wong kang nggugat,
lan aja ana wong kang ngluputake,
awit sira kang Sungugat, he imam!
5 Kang iku sira bakal keplesed tiba ing wayah
awan,
uga nabi bakal keplesed tiba bareng karo
sira ing wayah bengi;
lan biyungira bakal Sunsirnakake!
6 UmatingSun sirna marga ora wanuh marang
Allah,
amarga sira kang emoh wanuh,
mulane sira Suntampik dadi imamingSun,
lan sarehne sira iku ngungkurake piwulange
Gusti Allahira,
mulane Ingsun uga bakal nyingkur marang
anak-anakira.
7 Saya mundhak akeh cacahe,
dosane marang Ingsun iya saya wuwuh,
kaluhurane bakal Sunijoli kanisthan.
8 Padha oleh pangan marga saka dosane
umatingSun,
lan ngarep-arep supaya umatingSun
nindakake kaluputan.
9 Mulane kayadene nasibing rakyat,
iya kaya mangkono iku nasibing imam:
bakal Sunukum kalakuane
lan Sunwales kang dadi panggawene.
10 Bakal padha mangan, nanging ora bisa
wareg,
padha laku jina, nanging ora tangkar-
tumangkar,

awit wus padha ninggal marang Pangeran
Yehuwah lan nggondheli sundel.
11 Pikirane kadadekake buntet,
dening anggur lan duduhe woh anggur.
12 UmatingSun takon marang wite;
sarta tekene kang nyumurupake,
marga padha kasasarake dening roh jina,
lan padha laku jina tuwin banjur
ngungkurake marang Allahe.
13 Padha saos kurban ana ing pucake
gunung-gunung,
lan ngobong kurban ana ing tengger-
tengger,
ana ing ayome wit elon, wit libnah sarta wit
elah,
awit iku ayome katon apik.
Yaiku kang njalari anakira wadon padha laku
jina,
lan mantumu wadon padha dadi wanita
tuna-susila.
14 Ingsun ora bakal ngukum anak-anakira
wadon
sanadyan padha laku jina,
utawa mantu-mantunira wadon,
sanadyan dadi wanita tuna-susila
amarga dheweke dhewe padha manggon
ndhewe karo para wong wadon
tuna-susila,
sarta sesaji bebarengan karo sundel-sundel
agama,
mulane umat kang ora duwe pangreten
iku bakal nemahi karusakan.
15 He, Israel, manawa sira laku jina,

Yehuda aja nganti melu gawe kaluputan,
aja lunga menyang Gilgal,
lan aja munggah menyang ing Bet-Awen,
sarta aja sumpah: “Demi Pangeran
Yehuwah kang gesang!”
16 Dene Israel iku wus dadi wangkot,
kaya sapi kang mbelot,
mulane apa iya Sang Yehuwah bakal
ngengen
kaya wedhus gembel ing pangonan kang
jembar!
17 Efraim wus sakuthon karo brahala-brahala,
ujanen bae!
18 Pasarujukane para wong mendem!
Wus padha masrahake awake marang
wong wadon tuna-susila,
padha luwih tresna marang kanisthan
tinimbang marang kamulyan.
19 Padha katutupan ing swiwining angin,
sarta bakal padha nandhang kawirangan
marga saka kurban-kurbane.

Pangancam marang Israel lan para pemimpine

5:1-7

5 1 He, para imam, padha ngrungokna,
he, umat Israel, padha nggatekna,
he, para kulawarganing ratu, nilingna
kupingira,
awitdene paukuman iku tumuju marang sira,
marga sira wus dadi kala-jiret tumrap
Mizpa,

lan dadi jaring kang kajereng ana ing
gunung Tabor,
2 lan kaya luwangan kang didhudhuk ing
lebak Sitim,
mulane iku bakal Sunrangket kabeh.
3 Ingsun iku wanuh marang Efraim,
sarta ora kekilapan mungguh kaanane
Israel,
awit sira wus laku jina, he Efraim;
lan Israel wus najisake awake dhewe.
4 Pratingkah-pratingkahe ora ngolehake
wong-wong mau padha mratobat marang
Allahe,
marga padha kadunungan rohing laku jina,
sarta ora padha wanuh marang Pangeran
Yehuwah.
5 Gumunggunge Israel dadi seksi tumrap
awake dhewe,
Efraim bakal keplesed tiba marga saka
salahe dhewe,
tuwin Yehuda uga melu keplesed.
6 Padha arep ngupaya Pangeran Yehuwah
kalawan nggawa kurban wedhus lan sapi,
nanging ora bakal ketemu,
Pangeran Yehuwah wus nebihi wong-wong
iku.
7 Amarga wus padha cidra marang Sang
Yehuwah,
awit wus padha nglairake anak-anak kang
ora absah,
saiki si pengrusa bakal mangsa wong-wong
mau dalah tegale.

Israel ngupaya pitulungan menyang ing ngendi-endi, nanging ora oleh

5:8-14

8 Ngunekna kalasangka ana ing Gibea,
ngunekna nafiri ana ing Rama,
surak-suraka ana ing Bet-Awen,
he, Benyamin, gumetera!
9 Efraim bakal dadi cengkar
ing dinane paukuman;
Ingsun ndhawuhake kang wus kapesthekake
tumrap talere bani Israel.
10 Para panggedhene Yehuda
iku padha kaya wong kang ngelih wates;
bakal padha Sunesoki
bebenduningSun kaya banyu.
11 Efraim wus katindhes, karemuk dening paukuman,
awit kenceng anggone ngenut kang tanpa guna.
12 Mulane Ingsun bakal kayadene renget tumrap Efraim,
lan kaya bubuk tumrap turune Yehuda.
13 Nalika Efraim weruh lelarane,
sarta Yehuda sumurup wudune,
Efraim tumuli lunga menyang Asyur
lan kongkonan wong marang Sang Nata "Agung"
Nanging iku ora bisa marasake sira kabeh,
lan ora bisa ngilangi wudunira.
14 Marga Ingsun iki kaya singa tumrap Efraim,

lan kaya singa nom tumrap turune Yehuda.
Ingsun, iya Ingsun piyambak bakal
nyempal-nyempal, banjur tindak,
bakal Sunbekta lumayu lan ora ana kang
ngluwari.

Pamratobate wong Israel kang ora sanyata

5:15--6:6

15 Ingsun bakal kondur menyang ing
padalemaningSun,
nganti wong-wong iku padha ngaku luput
lan ngupaya wadananingSun.
Ing sajroning karupekane padha kangen
marang Ingsun:

6 1 "Payo padha bali mratobat marang
Pangeran Yehuwah,
awitdene Sang Yehuwah kang nyempal-
nyempal,
lan kang bakal marasake kita;
Panjenengane kang nggebagi kita,
lan iya kang bakal mblebed kita uga.
2 Sawuse rong dina kita bakal diuripake
maneh,
ing dina katelune ditangekake,
dadi kita bakal urip ana ing ngarsane.
3 Mulane payo padha tetepungan
lan mbudidaya kanthi temen-temen
supaya wanuh karo Pangeran Yehuwah,
Panjenengane mesthi bakal miyos kaya
muncule bangbang wetan;
kita bakal dirawuhi patrape kaya udan,

kaya udan ing wekasaning mangsa kang
nelesi bumi.”
4 He, Efraim, apa kang bakal Suntandukake
marang sira?
He Yehuda, sira bakal Sunkapakake?
Sih-susetyanira kaya pedhu esuk,
kaya ebun kang esuk uthuk-uthuk ilang.
5 Mulane wus padha Sunremuk lumantar
para nabi
lan Sunpateni srana pangandikane
lesaningSun
lan angger-anggeringSun sumunar kaya
pepadhang.
6 Awitdene kang Sunrenani iku sih-katresnan
dudu kurban sembelehan,
lan aluwung milih wanuh marang Gusti
Allah
tinimbang karo kurban obaran.

Efraim ora gelem mratobat

6:7--7:2

7 Nanging wong-wong iku wus nerak
prajanjian kaya Adam,
ana ing kono anggone cidra marang
Ingsun.
8 Gilead iku nagarane para durjana,
kebak tabet-tabeting getih.
9 Pakumpulane para imam iku
kaya grombolan begal kang ngadhang
memangsan,
padha memateni ana ing dalan kang anjog
ing Sikhem,

sanyatane, tindak kang nistha kang
dilakoni.
10 Ana ing antrane turune Israel Ingsun mirsa
pokal-gawe kang nggegirisi;
ana ing kono Efraim padha laku jina
lan Israel wus najisake awake dhewe.
11 He Yehuda, uga sira wus kacadhangan
mangsa panen:
Samangsa kaanane umatingSun wus
SunpulihakeU,

7 1 samangsa Ingsun marasake Israel,
nuli kelair dosane Efraim,
lan pialane Samaria;
dene wus padha tumindak ngapusi,
maling lumebu kalawan ngrusak omah,
grombolan kang ana ing njaba padha
mbegal.
2 Padha ora mikir
manawa Ingsun ngengeti sakehing
pialane.
Saiki uga wus padha kinepung ing pokale,
kabeh iku ana ing ngarsaningSun.

Dosane Israel ing bab agama lan kaprajan

7:3-16

3 Pialane iku ndadekake senenging ratune,
lan pakartine kang goroh ndadekake
bungahe para panggedhe.
4 Kabeh padha laku jina,
kayadene pawon kang murub terus,
nalika tukange roti leren nggedhekake geni,

sarta nalika ngulet jladrene nganti
mumpluk dening ragi.
5 Ing dina pahargyane ratu kita,
padha gawe larane para panggedhe
kalawan sumuking anggur;
ratu iku sekuthon karo wong kang ambek
memoyok.
6 Wong-wong iku batine kaya pawon murub,
atine murub makantar-kantar;
sawengi muput nepsune mendha,
bareng esuk murub maneh
kaya geni kang nyalad-nyalad.
7 Wong-wong iku padha panas kabeh kaya
pawon murub,
lan mangsa para hakime nganti entek.
Sakehe ratune wus padha tiwas,
wong-wong iku ora ana siji-sijia kang
sesambat marang Ingsun.
8 Efraim manunggal karo bangsa-bangsa,
kadadeane Efraim kaya roti bunder kang
ora diwalik.
9 Kekuwatane wus dientekake dening wong
liya,
nanging awake dhewe ora ngreti;
uwane iya wus akeh,
nanging iya ora ngreti.
10 Gumunggunge Israel dadi paseksi tumrap
awake dhewe,
ewadene padha ora mratobat marang
Pangeran Yehuwah,
Gusti Allahe,

lan ing sajroning sakehe kaanan kang
mangkono iku mau iya ora banjur
ngupaya Panjenengane.

11 Efraim wus kaya manuk dara kang bodho,
tanpa pangreten,
yaiku anggone njaluk tulung marang Mesir,
lan anggone marani Asyur.

12 Samangsa mangkat mrana,
Ingsun bakal masang jaringingSun ing
dhuwure,
bakal Suntarik mudhun kaya manuk ing
awang-awang,
bakal Sungebagi marga saka piala-pialane.

13 Bilai wong-wong iku,
marga wus padha minggat ninggal Ingsun,
padha nemahana karusakan,
awit wus padha brontak marang Ingsun!
Arep padha Sunpitulungi,
nanging padha ngucap goroh marang
Ingsun.

14 Pasambate marang Ingsun iku ora metu
saka ing prentuling atine,
nanging padha nangis ana ing paturone.
Padha natoni awake supaya oleha gandum
lan anggur,
sarta padha mbalela marang Ingsun.

15 Sanadyan wus padha Sunlatih sarta
Sunkuwatake tangane,
ewasamono padha ngrancang arep
nandukake piala marang Ingsun.

16 Padha mbalik marani Baal,
lan padha kaya gandhewa kang cidra,

para panggedhene bakal padha tiwas dening
pedhang,
marga saka tembunge kang kasar.
Yaiku kang bakal dadi jalarane anggone
bakal padha
dipoyoki ana ing tanah Mesir.

Rusake Israel iku wohing durakane

8:1-14

8 1 Ngunekna kalasangka!
Ana kang nempuh padalemane Pangeran
Yehuwah kaya manuk garudha;
mulane mangkono awit wong-wong iku wus
padha mbubrah prajanjianingSun,
lan mbangkang marang angger-
anggeringSun.
2 Padha sesambat marang Ingsun:
"Dhuh Allah kawula, kawula, bangsa Israel
tepang kaliyan Paduka!"
3 Israel wus mbuwang kang becik,
mulane kareben kaburu dening mungsuh!
4 Wus padha ngadegake ratu,
nanging ora kanthi sarujukingSun.
Padha ngadegake panggedhe,
nanging ora kanthi kauningakake marang
Ingsun.
Emas lan salakane dianggo gawe
brahala-brahala kanggo awake dhewe,
mulane padha kasirnakake.
5 He Samaria, pedhetira Suntampik,
bebenduningSun mulad-mulad marang
wong-wong iku!

Nganti pira lawase anggone ora bisa padha
nucekake awake
6 wong-wong Israel iku?
Iku tukang kang gawe,
sarta iku dudu Allah!
Lah pedhet Samaria iku bakal ajur dadi
sawalang-walang.
7 Sarehne padha nyebar angin,
mulane bakal ngeneni prahara;
gandume ora biwa tuwa,
ora metu glepunge;
dene yen ana kang bisa metu,
iku mesthi dientekake dening bangsa liya.
8 Israel wus diuntal;
saiki padha ana ing antarane bangsa-bangsa
kayadene barang tampikan.
9 Wus padha lunga menyang Asyur
prasasat kuldi alas kang ndhewe.
Efraim wus ngedum-edum opahing
bebdhangan.
10 Sanadyan padha ngedum-edum opah iku
ana ing antarane bangsa-bangsa,
ewasamono saiki Ingsun bakal
nglumpukake wong-wong iku,
temah sadhela engkas bakal padha leren
anggone njebadi raja lan para panggedhe.
11 Lah Efraim wus ngakehake misbyah,
misbyah-misbyah iku njalari banjur padha
nindakake dosa.
12 Sanadyan Sunseratake piwulangingSun
pirang-pirang,

nanging iku padha dianggep prakara kang
kanggo wong manca.
13 Padha seneng saos kurban sembelehan,
padha saos daging lan padha mangan iku;
nanging iku ora ndadekake keparenge
Pangeran Yehuwah.
Saiki panerake bakal diengeti,
lan dosane bakal kaukum.
Wong-wong mau kudu padha bali menyang
Mesir!
14 Israel wus nglalekake Kang nitahake,
lan wus ngadegake kraton-kraton;
Yehuda wus ngakehake kutha-kutha kang
santosa,
nanging Ingsun bakal ndhawahake geni
ing kutha-kuthane,
kang mangsa kadhaton nganti ludhes.

Bakal tanpa ana kabungahan ing sajroning pambuwangan

9:1-9

9 1 He Israel, aja giyak-giyak!
Aja surak-surak kaya bangsa-bangsa liya!
Awit sira wus laku bedhang,
lan ninggal Gusti Allahira,
opahane bedhangan kang sira senengi,
ana ing sakehe papan panutoning gandum.
2 Papan panuton gandum lan pamipitan
anggur
ora bakal aweh pangan marang wong-wong
iku;
sarta anggur bakal ndadekake gelane.

3 Bakal padha ora lestari manggon ana ing
tanahe Pangeran Yehuwah,
nanging Efraim kudu bali menyang Mesir,
sarta ana ing tanah Asyur bakal padha
mangan kang karam.
4 Bakal ora ngunjukake kurban unjukan
anggur marang Pangeran Yehuwah,
sarta kurban-kurbane sembelehan ora
bakal gawe renane Panjenengane;
rotine kaya rotining kasusahan,
kang mangan bakal padha dadi najis
kabeh,
marga rotine iku mung kanggo awake dhewe,
ora kepareng digawa lumebu menyang ing
padalemane Pangeran Yehuwah.
5 Sira bakal nglakoni apa ing dina gedhe,
sarta ing dina riyayane Sang Yehuwah?
6 Sabab sanadyan padha oncat saka ing
karusakan,
bakal diklumpukake ana ing tanah Mesir
lan Memfis bakal ngubur wong-wong mau;
barang-barange kang arupa salaka kang
akeh ajine bakal katutupan suket,
lan tarube padha kathukulan lateng.
7 Wus tumeka ing dinaning paukuman,
wus tumeka ing dinaning pamales,
Israel bakal ngalami,
“Nabi iku wong gemblung,
wong kang kapenuhan ing roh, iku owah!”,
marga saka gedhene kaluputanira
lan marga saka bangete anggonira
memungsuhan.

8 Efraim, umate Allahku, iku lagi ndingkik
marang nabi,
sarta ing saurute dalane dipasangi jaringe
wong mikat manuk,
dalasan ing padalemane Gusti Allahe ana
memungsuhan.
9 Ala banget pokale wong-wong iku
kaya kang kelakon ana ing Gibea.
Pangeran bakal enget marang durakane
lan dosane wong-wong iku bakal kaukum.

Wohing pamurtade Israel

9:10-17

10 AnggoningSun biyen mrangguli Israel
kayadene woh anggur ing pasamunan;
anggoningSun mirsani para leluhurira,
kaya pametune kawitan woh anjir.
Nanging iku banjur padha marani Baal-Peor
sarta ngabekti marang dewaning
kanisthan,
satemah padha dadi nistha padha karo
barang kang didhemeni.
11 Kaluhurane Efraim mabur kaya manuk,
ora ana kang nglairake,
kang meteng lan kang ngandheg!
12 Sanadyan padha ngopeni anak-anake
nganti gedhe,
mesthi Sundadekakake ora duwe anak,
satemah ora ana manungsa maneh.
Lah, bilai uga wong-wong iku
samangsa wus padha Suntilar!

13 Sunpirsani Efraim wus ndadekake
anak-anake padha dadi kewan buron;
Efraim kapeksa ngulungake anak-anake
marang juru panumpes.
14 Dhuh Yehuwah, bangsa punika mugi
kaparingana, --
badhe Paduka paringi punapa? --
Kaparingana wetengan ingkang gabug,
sarta susu ingkang kisut.
15 Sakehe pialane kelakon ana ing Gilgal;
lan ing kana anggoningSun katuwuhan
sengit marang wong-wong iku.
Marga saka alaning panggawe-panggawene
bakal padha Suntundhung saka ing
padalemaningSun.
Ingsun ora bakal asih maneh marang
wong-wong iku;
para panggedhene iku pemberontak
kabeh.
16 Efraim wus kagebug,
oyode wus dadi garing,
bakal padha ora metokake woh;
malah sanadyan padha nglairna anak pisan,
wohing wetengane kang dinama-dama iku
bakal Sunpateni.
17 Bakal padha katundhung dening Allahku,
marga ora padha ngrungokake marang
Panjenengane,
mulane bakal padha nglembara ana ing
antarane para bangsa.

Paukuman marga saka anggone padha nyembah brahala

10:1-8

10 1 Israel iku wit anggur kang becik thukule,
kang metokake woh,
saya akeh pametune,
saya akeh anggone gawe misbyah
sarta saya becik lemahe,
saya endah anggone gawe tugu-tugu brahala.
2 Atine lamis,
saiki kudu padha nanggung wohing kaluputane,
Pangeran bakal ngremuk misbyah-misbyahe,
lan mbubrah tugu-tugune brahala.
3 Lah saiki padha ngucap:
“Kita padha ora duwe ratu,
marga kita padha ora ngabekti marang Pangeran Yehuwah,
mangka ratu iku bisa nindakake apa ta tumrap kita?”
4 Padha umuk-umukan,
padha nglairake sumpah palsu,
padha gawe prajanjian,
temahan paukuman thukul kaya wit upas
ana ing singkalan-singkalaning pategalan.
5 Para wong saisine Samaria padha gumeter,
ing ngatase pedhete Bet-Awen.
Lah rakyate bakal sedhih marga saka iku,
sarta para imame padha sesambat,

marga wus koncatan kamulyane.
6 Pedhete bakal kaboyong menyang Asyur,
minangka pisungsung marang Sang Nata
“Agung”.
Efraim bakal kawirangan,
sarta Israel bakal kisinan marga saka
rancangane.
7 Samaria bakal katumpes,
ratune kaya pang kang kumambang ing
banyu.
8 Tengger-tengger pangurbanan Awen, yaiku
dosane Israel,
bakal padha kasirnakake.
Misbyah-misbyahe bakal padha kathukulan
eri lan rerungkudan.
Sarta wonge bakal padha nylathoni
gunung-gunung:
“Aku padha sasabana!”,
lan marang tengger-tengger: “Aku padha
ebrukana!”

Pangeran Yehuwah kecuwan tumrap Efraim

10:9-15

9 He Israel, wiwit jamane Gibea sira wus
gawe dosa;
ana ing kana padha gumregah nglawan.
Ana ing Gibea apa ora bakal ketututan ing
perang
kang nglawan marang para wong culika?
10 Ingsun rawuh prelu nggebagi wong-wong
iku,

bangsa-bangsa bakal padha nglumpuk
nglawan marang
wong-wong iku,
samangsa padha kasiksa marga saka
kaluputane rong prakara.
11 Efraim iku biyen pedhet kang wus digladhi
lan dhemen nutu,
sarta Ingsun remen
marang githoke kang apik,
Efraim iku Sunrakitake,
Yehuda kudu mluku,
Yakub kudu nggaru lemah kanggo awake
dhewe.
12 Sira padha nyebara kang cundhuk karo
kaadilan,
ngundhuha kanthi katresnan!
Mbukaka tanah anyar,
marga wus wancine ngupaya marang Sang
Yehuwah,
nganti panjenengane rawuh sarta maringi
kaadilan kang luber marang sira.
13 Sira wus padha mluku kadurakan,
kaculikan kang sira undhuh,
sarta sira wus padha mangan wohing
doracara,
marga sira wus padha ngendelake ratanira,
apadene kehing prawiranira.
14 Bakal jumedhul gumuruhing perang ana
ing antarane bangsanira,
lan sakehe betengira bakal kagempur,
kaya Salman anggone nggempur Bet-Arbel
ing kalane campuh perang,
biyung dalah anak-anake padha diremuk.

15 Kaya mangkono iku bakal Suntandukake
marang sira,
he turune Israel,
marga saka bangeting kadursilanira.
Ing wayah bangbang wetan ratune Israel
bakal katumpes babar pisan.

Sihe Pangeran Yehuwah ngalahake kawangkotane wong Israel

11:1-11

11 1 Nalika Israel isih nom, Sunkasihi
sarta saka ing Mesir putraningSun iku
Suntimbali.
2 Saya kerep anggoningSun nimbali,
saya banget anggone ngungkurake Ingsun,
padha sesaji kurban marang para Baal,
sarta ngobong kurban kanggo reca-reca.
3 Mangka Ingsun kang netah marang Efraim,
Ingsun kang mbopong,
ewasamono padha ora gelem
ngrumangsani, yen Ingsun kang
nyarasake.
4 Sungendeng kalawan talining kasetyaan,
iya kalawan tetalenaning katresnan.
Tumrap bangsa iku Ingsun kaya wong kang
ngangkat pasangan saka ing uwange,
Ingsun ndhingkluk lan maringi pangan.
5 Wong-wong iku kudu padha bali menyang
tanah Mesir,
sarta Asyur kang bakal dadi ratune,
marga padha ora gelem mratobat.

6 Pedhang bakal ngamuk ana ing kutha-
kuthane,
bakal ngrusak slarak-slaraking lawange,
sarta mangsa wong-wong iku ana ing
beteng-betenge.
7 UmatingSun betah ngungkurake Ingsun,
padha njaluk tulung marang Baal,
lan leren anggone ngluhurake
asmaningSun.
8 He Efraim, mangsa Ingsun ngetogake
marang sira,
ngulungake sira, he Israel!
Mangsa Ingsun ngetogake sira kaya Adma,
ndadekake sira kaya Zeboim!
PanggalihingSun dadi pulih,
sih-piwelasingSun kagugah babar pisan.
9 Ingsun ora bakal nandukake
bebenduningSun kang mulad-mulad,
Efraim ora Suntumpes maneh,
marga Ingsun iki Allah lan dudu manungsa,
Kang Mahasuci ana ing tengahira,
sarta Ingsun ora rawuh arep mbesmi.
10 Wong-wong iku bakal padha manut
marang Pangeran Yehuwah,
Pangeran bakal nggero kaya singa.
Sanyata, Panjenengane bakal nggero,
para putra nuli bakal padha sowan
saka ing sisih kulon kanthi gumeter,
11 kaya manuk kang teka saka ing tanah
Mesir kalawan gumeter,
lan kaya manuk dara saka ing tanah Asyur,
sarta bakal padha Sunpapanake ana ing
omahe dhewe-dhewe, --

mangkono pangandikane Sang Yehuwah.

Efraim lan Rama Yakub leluhure

11:12--12:14 (12:1-15)

12 (12-1) Ingsun wus dikepung dening Efraim kalawan dora-cara,
lan kalawan apus dening turune Israel,
dene Yehuda ngilang saka ing sacelake Gusti Allah,
saka ing sacelake Kang Mahasuci kang setya.

12 1 (12-2) Efraim iku njaga angin,
lan mburu angin wetan sedina muput,
ngakehake tindak cidra lan panganiaya,
padha gawe prajanjian karo Asyur,
lan nggawa lenga menyang ing tanah Mesir.
2 (12-3) Pangeran Yehuwah bebantahan karo Yehuda,
lan bakal ngukum Yakub miturut polah-tingkahe,
sarta bakal males kang murwat karo tindak-tanduke.
3 (12-4) Ana ing guwa-garba Yakub ngapusi sadulure,
sarta bareng wus rosa gelut kalawan Gusti Allah.
4 (12-5) Dheweke gelut karo Sang Malaekat lan unggul,
kalawan nangis nyuwun kawelasan marang Panjenengane.
Ana ing Betel ketemu kalawan Panjenengane,

lan ana ing kono Panjenengane
mangandikani mangkene:
5 (12-6) -- Iya iki Sang Yehuwah, Allahe kang sarwa tumitah,
kang asma Yehuwah. --
6 (12-7) “Sira iku kudu mratobat marang Allahira,
netepana katresnan lan angger-angger,
sarta tansah ngarep-arepa marang Allahira.”
7 (12-8) Padha kaya Kanaan, kang nyekel traju kang cidra,
lan kang seneng memeres,
8 (12-9) pangucape Efraim: “Aku rak wus dadi sugih,
wus oleh raja-brana.
Nanging sakehe wohe kangelanku ora nuwuhake kaluputan
kang ateges dosa tumrap aku.”
9 (12-10) Nanging Ingsun iki Yehuwah,
Allahira wiwit nalika sira ana ing tanah Mesir.
Ingsun isih karsa manggonake sira ana ing tarub-tarub maneh
kaya ing dina-dina riyaya.
10 (12-11) Ingsun mangandikani para nabi,
sarta wus paring wahyu bola-bali
apadene paring pasemon lumantar para nabi mau.
11 (12-12) Manawa ing Gilead ana kadursilan,
wong-wong iku wus padha dadi tanpa guna;

ana ing Gilgal padha saos kurban sapi-sapi
lanang,
mulane misbyah-misbyahe uga
padha dadi kaya tumpukan watu ana ing
singkal-singkalane pategalan.
12 (12-13) Yakub ngungsi menyang ing tanah
Aram,
Israel ngenger supaya oleh bojo,
malah nganti dadi pangon supaya oleh
bojo iku.
13 (12-14) Lumantar nabi Pangeran Yehuwah
nuntun Israel metu saka ing tanah Mesir,
malah banjur direksa dening nabi.
14 (12-15) Efraim wus gawe gerahing
panggalihe Pangeran kang banget,
temah Gustine bakal nglestarekake
anggone katempelan utang getih,
sarta bakal paring piwales tumrap ing
cacade.

Bebendune Pangeran Yehuwah bakal tumempuh marang Efraim

13:1-16 (13:1--14:1)

13 1 Samangsa Efraim celathu, wong-wong
padha gumeter;
diajeni banget ana ing satengahe Israel,
nanging banjur kaluputan marga nyembah
Baal, temahan mati.
2 Tekan saiki padha terus bae anggone gawe
dosa,
sarta gawe reca cor-coran salaka,
iya gawe brahala-brahala manut kapinterane;

kabeh iku gaweane para tukang.
Wong-wong padha dicelathoni: Padha saosa kurban!
Manungsa kareben ngabekti marang pedhet-pedhet!
3 Mulane bakal padha kaya pedhut ing wayah esuk
utawa kayadene ebun kang esuk umun-umun ilang,
lan kaya mrambut kang kabur ing angin saka ing panuton.
Iya kaya kukus kang metu saka ing cendhela.
4 Nanging Ingsun iki Yehuwah Allahira,
wiwit nalika sira ana ing tanah Mesir;
sira ora wanuh allah liyane, kajaba Ingsun,
iya ora ana Juruslamet maneh liyane Ingsun.
5 Ingsun kang wanuh sira ana ing pasamunan,
tanah kang banget panase.
6 Bareng wus padha mangan suket, banjur bisa wareg,
bareng wus wareg, nuli kumalungkung,
temahan padha lali marang Ingsun.
7 Mulane Ingsun dadi kayadene singa tumrap wong-wong iku,
lan kaya macan tutul, Ingsun ndhedhep ana ing pinggir dalan.
8 Ingsun ngrawuhi wong-wong iku kaya bruwang wadon kang kelangan anak,
Sunsuwek-suwek dhadhane.
Sunmangsa ana ing kono, kaya singa,

banjur bakal kaowol-owol dening sato
galak ing ara-ara.
9 He Israel, Ingsun bakal nyirnakake sira,
sapa kang bisa mitulungi sira?
10 Ratumu ana ngendi ta,
kang banjur mitulungi sira,
lan para pangarepira kang nuli menehi
kaadilan marang sira,
heh, sira kang ngucap: “Kula mugi
kaparingana
ratu kaliyan pangageng-pangageng?”
11 Sira Sunparingi ratu sajroning
bebenduningSun,
sarta kang Sunpundhut sajroning
bramatyaningSun.
12 Durakane Efraim kabuntel,
dosane disimpen.
13 Nglarani arep duwe anak iku sadurunge
bayine lair,
nanging dheweke iku anak kang tanpa
budi,
awit anggone obah ora ngetrepi wektune,
bareng wus tekan ing wancine, emoh metu
saka ing guwa-garbane ibu.
14 Apa Ingsun bakal ngluwari wong-wong iku
saka pamisesane jagade wong mati,
utawa Suntebus saka ing pati?
Heh pati, ana ing ngendi pageblugira,
he jagade wong mati,
ana ing ngendi kakuwatanira ngrusak?
Ing paningalingSun ora ana kawelasan.
15 Sanadyan dheweke thukul subur ana ing
satengahe suket-suket,

ewasamono bakal katrajang angin saka
ing wetan,
iya angine Sang Yehuwah,
kang midid saka ing pasamunan,
sarta belik-belike bakal diastake,
lan tuk-tuke dipateni,
raja-darbeke dijarah-rayah,
yaiku sakehe barang kang endah.
16 (14-1) Samaria kudu tampa paukuman,
marga mbalela marang Allahe.
Bakal padha tiwas dening pedhang,
bayi-bayine bakal padha karemuk,
wonge wadon kang meteng bakal padha
kabedhelan.

Bab pamratobat lan prajanji

14:1-8 (14:2-9)

14 1 (14-2) He Israel, padha mratobata
marang Pangeran Yehuwah, Allahmu,
dene anggonmu keplesed iku marga saka
kaluputanmu.
2 (14-3) Padha ngaturna kaduwungmu,
sarta mratobata marang Sang Yehuwah,
munjuka marang Panjenengane:
"Paduka mugi karsaa ngapunten
sakathahipun kalepatan,
ingkang sae mugi lajeng kaparingna,
nunten kawula sami badhe ngunjukaken
pangaken kawula.
3 (14-4) Asyur boten badhe saged mitulungi
kawula sadaya;
kawula boten badhe numpak kapal,

saha kawula boten badhe wicanten malih:
Dhuh Allah kawula!
dhateng dedamelaning tangan kawula,
margi Paduka ngasihi lare lola."
4 (14-5) Ingsun bakal mulihake wong-wong
iku saka ing pamurtade,
lan bakal ngasihi kanthi legawaning galih,
marga bebenduningSun marang dheweke
wus mendha.
5 (14-6) Ingun bakal dadi kaya ebun tumrap
Israel,
dheweke bakal metu kembange kaya
kembang bakung,
lan oyode ngambra-ambra kaya Libanon.
6 (14-7) Pang-pange padha sumrambah,
sarta endahe kaya wit jaitun,
lan arum gandane kaya kang ana ing
Libanon.
7 (14-8) Wong-wong mau bakal padha bali
lan manggon ing pangayomaningSun,
lan bakal padha tuwuh kaya tanduran
gandum;
sarta bakal padha kembang kaya wit anggur,
kang misuwur kaya anggur ing Libanon.
8 (14-9) Efraim, brahala-brahala iku
magepokan apa karo Ingsun?
Ingsun kang paring wangsulan lan nggalih
marang sira!
Ingsun iki kaya wit beros kang katon ijo,
saka Ingsun anggonira oleh woh.

Panutup

14:9 (14:10)

9 (14-10) Sapa kang wicaksana, cikben
mangreti marang prakara iki kabeh;
sapa kang mangreti, kareben nyumurupi
iku;
marga margi-margine Pangeran Yehuwah iku
lenceng,
lan diambah dening para wong mursid,
nanging para wong kang mbalela padha
keplesed tiba ana ing kono.

YOEL

Bebuka

1:1

1 [1] Iki pangandikane Pangeran Yehuwah
kang kadhawuhake marang Nabi Yoel bin
Petuel.

Wewelak walang minangka paukuman

1:2--2:11

[2] He, para tuwa-tuwa, padha ngrungokna,
he, para wong isine nagara, padha
nilingna!
Sajegmu urip utawa ing jamane para
leluhurmu
apa tau ana lelakon kang kaya mangkene
iki?
[3] Anak-anakmu padha critanana lelakon iku,
nuli anak-anakmu genten konen nyritakake
marang anak-anake,
lan putumu iya nyritanana marang turune
[4] Sisane walang kang ngrikiti kapangan
dening walang alihan,
lan sisane walang alihan kapangan dening
walang mlumpat,
sarta sisane walang mlumpat kapangan
dening walang kethaha.
[5] He, para wong mendem, tangia lan nangisa!

He, para wong kang karem anggur,
marga saka anggur anyar, padha ngadhuh-adhuha,
amarga anggur iku wus dirampas saka ing cangkemmu.
6 Dene ana bangsa kang nglurugi nagaraku,
bangsa kang kuwat lan tanpa wilangan cacahe,
untune kaya untu singa,
lan siyunge kaya siyung singa wadon.
7 Witku anggur padha karusak,
lan witku anjir padha dikethoki,
dikletheki lan dirubuhake,
sarta pang-pange padha dadi putih.
8 Ngadhuh-adhuha kayadene prawan kang manganggo bagor,
marga saka pacangane, kekasihe nalika isih enom.
9 Kurban dhaharan lan kurban unjukan wus ilang
saka ing padalemane Sang Yehuwah;
para abdine Pangeran Yehuwah,
yaiku para imam, padha susah.
10 Pategalan wus rusak,
bumi ngenes,
awit gandume wus sirna
anggure wus garing,
lengane wus nipis.
11 Para wong tani padha kisinan,
para tukang kebon anggur padha ngadhuh-adhuh,
marga saka gandum lan sair,

awitdene panenaning pategalan wus lebur
kabeh.
12 Wite anggur wus garing
lan wite anjir wus alum,
mangkono uga wite delima,
wite kurma lan wite apel,
sarupane wit ing ara-ara wus padha garing.
Sanyata, kabungahan sirna
oncat saka para anaking manungsa.
13 He, para imam, padha manganggoa bagor
lan sambat-sambata,
he, para kang ngladeni misybah, padha
ngadhuh-adhuha,
he, para Gusti Allahku,
pada lumebua, padha nginepa kalawan
manganggo bagor,
dene padalemane Gusti Allahmu wus
koncatan
kurban dhaharan lan kurban unjukan.
14 Padha ngundhangna puwasa kang suci,
nganakna parepatan agung,
nglumpukna para tuwa-tuwa,
dalah sakehe wong isine nagara
ana ing padalemane Pangeran Yehuwah
Allahmu
lan padha sambat-sambata marang Sang
Yehuwah.
15 Adhuh bilai dina iku,
dene nyata wus chedak dinane Pangeran
Yahuwah,
tekane awujud karusakan saka Kang
Mahakwasa.
16 Ing ngarepe mripat kita,

rak wus sirna sakehe pangan,
kabungahan lan surak-surak
saka ing padalemane Gusti Allah kita?
17 Winih-winih padha garing ana ing jero lemah,
lumbung-lumbung wus padha resik gusis,
gudhang-gudhang wus padha ambruk
marga gandume wus entek.
18 Kaya apa panjeriting kewan-kewan,
pepanthan sapi padha bingung,
marga wus ora ana pangonan maneh,
uga wedhus-wedhuse padha kontrang-kantring.
19 Dhuh Yehuwah, namung Paduka ingkang kawula sambati,
awit pangenan ing ara-ara,
sampun kamangsa ing latu ngantos telas.
Urubing latu sampun nggosongaken
sakathahing wit-witan ing ara-ara.
20 Dalasan sato-kewan ing ara-ara
ugi sami sesambat dhateng Paduka,
margi lepen-lepen sampun sami asat,
sarta pangenan ing ara-ara
sampun kamangsa dening latu.

2 1 Padha ngunekna kalasangka ana ing Sion,
lan padha surak-suraka ana ing gunungingSun kang suci!
Sakehe wong isine nagara padha getera,
awitdene dinane Pangeran Yehuwah teka, wus cedhak;
2 sawijining dina kang peteng ndhedhet lan pagowong,

dina kang mendhung lan peteng
lelimengan;
ana bangsa kang gedhe sarta santosa
mratani gunung-gunung kaya bangbang
wetan,
kang kaya mangkono iku durung tau ana
wiwit kuna mula;
lan ing sapungkure iya bakal ora ana,
turun-tumurun, ing tembe buri.
3 Ing ngarepe ana geni kang memangsa
nganti ludhes,
lan ing burine ana urubing geni kang
nggesengake.
Tanah kang ana ing ngarepe kaya patamanan
Eden,
nanging ing burine pasamunan kang mati;
sarta ora ana kang bisa ngoncati bangsa
mau.
4 Rupane kaya jaran,
lan playune iya kaya jaran mbandhang.
5 Anggone padha mencolot-mencolot ngliwati
pucake gunung-gunung
kaya kumrasaking kreta,
lan kaya perkataking geni
kang ngobong dami;
kaya bangsa kang kuwat,
wadya-balane samekta ing perang.
6 Adu arep karo iku, bangsa-bangsa padha
gumeter,
guwayane kabeh padha saya pucet.
7 Playune kaya pahlawan,
kaya prajurit anggone ngunggahi
baluwarti,

siji-sijine padha lumaku terus
ora nganggo nyimpang saka ing dalane;
8 ora padha suk-sukan,
siji-sijine ngambah ing dalane dhewe,
nrajang pabarisan kalawan sikep gegaman tumbak,
anggone baris kareksa aja nganti pedhot.
9 Banjur nyerbu menyang ing jero kutha,
ngunggahi baluwarti,
padha menek lumebu ing omah-omah,
lumebune metu ing cendhela kaya maling.
10 Bumi gumeter ana ing ngarepe,
langit gonjang-ganjing,
srengenge lan rembulan padha dadi peteng,
sarta lintang-lintang ilang cahyane.
11 Pangeran Yehuwah nuli ngedalake swarane,
ana ing ngarepe wadya-balane,
mangka wadya-balane iku luwih dening akeh,
sarta kang nindakake sabdane iku santosa
sabab ngedab-edabi dinane Sang Yehuwah iku
sarta nggegirisi banget,
sapa kang bisa mbetahake?

Dhawuh supaya mratobat

2:12-17

12 Pangandikane Pangeran Yehuwah mangkene:
"Nanging saiki uga, padha mratobata
marang Ingsun kalawan gumolonging atinira,

kalawan puwasa, lan nangis sarta
sambat-sambat.”
13 Atimu suweken, aja sandhanganmu,
sarta mratobata marang Pangeran
Yehuwah Allahmu,
dene Panjenengane iku asipat asih lan
welasan,
gedhe sabare lan luber kamirahane,
Panjenengane piduwung ing bab
paukuman kang karancang.
14 Sapa kang ngreti, bokmanawa karsa
mengker lan piduwung,
sarta nilari berkah,
kagawe kurban dhaharan lan kurban unjukan
sumaos marang Pangeran Yehuwah,
Allahmu.
15 Padha ngunekna kalasangka ana ing Sion,
nganakna puwasa kang suci,
ngundhangna parepatan agung.
16 Bangsa iki klumpukna,
pasamuwane sucekna,
nglumpukna para pinutuwa,
dalah para bocah pasuson pisan,
panganten lanang supaya metu saka ing
kamare,
lan panganten wadon saka ing kamar
paturone.
17 Para imam, para abdine Sang Yehuwah,
padha nangisa ana ing antarane pandhapa
lan misbyah,
sarta munjuka: “Dhuh Yehuwah, mugi karsaa
paring piwelas dhateng umat Paduka,

bangsa kagungan Paduka piyambak
sampun ngantos kategakaken
kawewada,
temah dipun poyoki dening para bangsa.
Punapaa ngantos wonten ujaripun tiyang ing
antawisipun para bangsa:
Gusti Allahe wong iku ana ing ngendi?”

Prajanjiane Gusti Allah marang bangsa kang mratobat

2:18-27

18 Pangeran Yehuwah dadi benter ing
panggalih marga saka tanahe,
sarta welas-asih marang umate.
19 Pangeran Yehuwah banjur paring
wangsulan
lan ngandika marang umate:
“Lah, sira bakal Sunkintuni
gandum, anggur lan lenga,
lan sira bakal mangan nganti wareg.
Ingsun ora bakal ndadekake sira dadi
cacadan maneh
ana ing antarane bangsa-bangsa.
20 Kang teka saka ing lor bakal Sunedohake
saka ing sira,
lan bakal Sunbucal menyang nagara kang
mati lan garing,
pucuking pabarisane Suncemplungake ing
sagara wetan,
lan pethiting pabarisane ing sagara kulon,
nuli mumbul ambune kang bacin lan gandane
kang banger,

awitdene wus nglakoni prakara kang
gedhe,
21 He tanah, aja wedi,
surak-suraka lan bungah-bungaha,
sabab Pangeran Yehuwah uga wus
nindakake prakara kang gedhe!
22 He, sato-kewan ing ara-ara, aja padha
wedi
dene pangonan ing ara-ara padha ijo
riyo-riyo,
wit-witan padha metu wohe,
wit anjir lan wit anggur padha menehake
kasugihane.
23 He, bani Sion, padha surak-suraka,
lan padha bungah-bungaha
marga saka Pangeran Yehuwah, Allahira,
marga sira wus diparingi,
udan awal kalawan adil,
iya udan awal lan udan akhir kaya biyen.
24 Panuton-panuton bakal padha kebak
gandum
sarta pamipitane luber anggur lan lenga.
25 Ingsun bakal paring marang sira pulihe
taun-taun kang pametune entek kamangsa
dening walang alihan, walang kang
mlumpat,
walang kang kethaha lan walang kang
ngrikiti,
wadya-balaningSun kang gedhe kang
Sunutus menyang ing tengahira
26 Sira bakal padha mangan akeh, nganti
wareg,

sarta sira bakal memuji asmane Sang
Yehuwah, Allahira,
kang wus nandukake kaelokan marang sira,
karodene umatingSun ora bakal nandhang
wirang ing salawas-lawase.
27 Lan sira bakal padha sumurup yen
Ingsun iki ana ing tengahe Israel,
sarta yen Ingsun iki Yehuwah, Allahira, ora
ana maneh kajaba Ingsun,
lan umatingSun bakal ora nandhang
wirang maneh ing salawas-lawase."

Bab dinane Pangeran Yehuwah

2:28-32

28 "Sawuse mangkono bakal kelakon,
Ingsun bakal ngesokake RohingSun
marang manungsa kabeh,
temahan anakira lanang lan wadon bakal
padha medhar wangsit;
para pinituwanira bakal padha oleh
pangimpen,
lan nom-nomanira padha ndeleng wahyu.
29 Dalah para baturira tukon lanang lan
wadon,
bakal padha Sunesoki RohingSun ing
dina-dina iku.
30 Mangkono maneh Ingsun bakal nganakake
kaelokan ing langit lan ing bumi: getih lan geni
sarta kumeluning kukus. 31 Srengenge bakal
salin dadi peteng ndhedhet lan rembulan dadi
getih sadurunge tekane dinane Sang Yehuwah
kang gedhe lan nggegirisi iku. 32 Lan sing sapa

nyebut asmane Pangeran Yehuwah, iku bakal kapitulungan rahayu, marga ing gunung Sion lan ing Yerusalem bakal ana pangentasan, kaya kang wus di pangandikakake dening Pangeran Yehuwah; sarta saben wong kang katimbalan dening Sang Yehuwah iku bakal dadi panunggalane kang kaentas."

Paukuman marang para mungsuhe Israel

3:1-8

3 [1] "Dene lah ing dina-dina iku lan ing wektu iku,
samangsa Ingsun mulihake kaanane Yehuda lan Yerusalem,
[2] ing kono Ingsun bakal nglempakake sakehe bangsa,
Sunirid mudhun menyang ing lembah Yosafat,
tumuli Ingsun bakal prakaran kalawan para bangsa iku ana ing kana
bab umatingSun lan kagunganingSun piyambak, Israel,
dene wus padha dipencarake ana ing satengahe para bangsa
lan tanah kagunganingSun diedum-edum.
[3] Anggone ngrebut umatingSun iku sarana mbuwang undhi,
bocah lanang diijolake karo wong wadon tuna-susila,
bocah wadon diedol dhurupake anggur, supaya bisa ngombe.

4 Anadene mungguh sira, he Tirus lan Sidon
sarta sawewengkone Filisti, ana gegayutane
apa karo Ingsun? Apa sira arep males
pandamelingSun? Manawa sira nandukake
apa bae marang Ingsun, kanthi dadakan
anggoningSun bakal nampekake panggawenira
iku marang sira dhewe. 5 Awitdene salaka lan
emas kagunganingSun wus padha sira jupuk,
sarta barang-barangingSun kang pangaji
padha sira lebokake ing papan pangibadahira,
6 sarta wong-wong Yehuda lan wong-wong
Yerusalem wus padha sira edol marang wong
Yunani, karepira supaya pisah adoh karo
tanahe. 7 Lah bakal padha Suntangekake
saka ing panggonan pangedolira mau, sarta
nampekake panggawenira iku marang sirahira
dhewe. 8 Anadene anakira lanang lan wadon
bakal Sunedol marang bani Yehuda, kang
banjur ngedol marang para wong Syeba,
marang bangsa kang adoh, awit Pangeran
Yehuwah wus ngandika mangkono.”

Berkah kanggo umate Pangeran Yehuwah

3:9-21

9 Prakara iki undhangna ana ing satengahe
para bangsa:
padha samektaa ing perang,
para pahlawan padha sira angkatna,
sakehe prajurit padha sira prentahana
supaya ngetoni perang.
10 Kejene wlukunira kagemblenga dadi
pedhang,

lan aritira kagawea tumbak;
wong kang ringkih ngucapa: “Aku iki
pahlawan!”
11 Sakehe para bangsa saka ing ngendi-endi,
padha gumregaha lan maraa,
sarta padha nglumpuka mrana!
Dhuh Yehuwah, para pahlawan Paduka mugi
kabektaa mandhap!
12 Para umat padha budhala lan ngluruga,
menyang lebak Yosafat,
dene Ingsun bakal lenggah ana ing kana,
ngadili sakehe para bangsa ing
ngendi-endi.
13 Aritira padha empakna
awit undhuh-undhuhane wus tuwa,
padha mrenea, padha meresa,
awit pamipitane wus kebak anggur,
genthong-genthonge wus padha luber,
marga akeh pialane wong-wong iku.
14 Akeh wong, akeh wong,
ing lebak karampungan,
awit wus cedhak dinane Sang Yehuwah,
ana ing lebak karampungan!
15 Srengenge lan rembulan padha dadi
peteng,
lintang-lintang wus padha ilang cahyane,
16 Pangeran Yehuwah bakal nggero saka ing
Sion,
ngumandhangake swarane saka ing
Yerusalem,
langit lan bumi gonjang-ganjing.
Nanging Sang Yehuwah dadi pangungsen
tumrap umate,

lan dadi beteng tumrap wong Israel.
17 “Sira banjur bakal padha sumurup
yen Ingsun, Yehuwah, iku Allahira,
kang akedhaton ana ing Sion,
gunungingSun kang Suci,
lan Yerusalem bakal dadi suci,
sarta ora diliwati maneh dening bangsa liya.
18 Ing wektu iku bakal kelakon
gunung-gunung bakal padha netesake anggur anyar,
lan tengger-tengger padha mili puwan,
lan sakehe kali ing tanah Yehuda
padha mili banyu;
apamaneh bakal ana tuk metu saka
ing padalemane Pangeran Yehuwah,
sarta bakal mbanyoni lebak Sitim.
19 Tanah Mesir bakal dadi sepi mamring,
lan tanah Edom dadi pasamunan,
awit saka panganiaya kang ditandukane marang bani Yehuda,
dene wus ngwutahake getih resik ana ing tanahe.
20 Nanging Yehuda lestari dienggoni ing salawase,
lan uga Yerusalem nganti turun-tumurun.
21 Lah Ingsun bakal males marang getihe,
sapira kang durung Sunwales,
Pangeran Yehuwah tetep akedhaton ana ing Sion.”

AMOS

Bebuka

1:1

1 [1] Iki pangandika kang kawedharake
marang Nabi Amos, panunggalane wong
kang ngingu wedhus saka ing Tekoa, bab
Israel, nalika jamane Sang Prabu Uzia ratu ing
Yehuda, lan ing jamane Sang Prabu Yerobeam
putrane Sang Prabu Yoas, ratu ing Israel, rong
taun sadurunge lindhu.

Paukuman marang bangsa-bangsa liya

1:2--2:3

2 Pangandikane mangkene:
"Yehuwah nggero saka ing Sion,
sarta ngwedalake swarane saka ing
Yerusalem,
temah pangonan-pangonan padha garing,
lan pucake gunung Karmel dadi alum."
3 Pangandikane Pangeran Yehuwah
mangkene:
"Marga saka durakane Damsyik telung
prakara,
malah patang prakara,
mulane Ingsun ora bakal murungake
putusaningSun:
sarehne wus padha nindhes Gilead,

nganggo pleredan panuton wesi,
4 Ingsun bakal kintun geni menyang ing sajrone kadhatone Hazael,
kang mangsa baluwartine Benhadad nganti entek;
5 Ingsun bakal mutung slaraking gapurane Damsyik,
sarta numpes wong isine Bikeat-Awen,
dalah kang nyekel tekening karajan ing Bet-Eden;
apadene bangsa Aram bakal katundhung menyang Kir
kaya wong buwangan,”
mangkono pangandikane Pangeran Yehuwah.
6 Pangandikane Sang Yehuwah mangkene:
“Marga saka durakane Gaza telung prakara,
malah patang prakara,
mulane Ingsun ora bakal murungake putusaningSun,
dene wus ngangkatake wong sabangsa kabeh menyang ing pambuwangan,
kang banjur padha diulungake marang Edom,
7 Ingsun bakal kintun geni menyang ing sajrone baluwartine Gaza,
temah kadhatone banjur kamangsa nganti entek.
8 Ingsun bakal numpes para kang manggon ing Asdod,
sarta kang nyekel tekening karajan ing Askelon,

apadene astaningSun bakal nempah marang
Ekron,
tekan kekarane wong Filisti bakal padha
tiwas kabeh,”
mangkono pangandikane Pangeran
Yehuwah.
9 Pangandikane Sang Yehuwah mangkene:
“Marga saka durakane Tirus telung
prakara,
malah patang prakara,
mulane Ingsun ora bakal murungake
putusaningSun;
awitdene wus ngulungake wong sabangsa
kabeh marang Edom minangka tawanan,
sarta ora eling marang prajanjian
pasaduluran,
10 Ingsun bakal kintun geni menyang ing
sajroning baluwartine Tirus,
nganti kratone entek kamangsa.”
11 Pangandikane Pangeran Yehuwah
mangkene:
“Marga saka durakane Edom telung
prakara,
malah patang prakara,
mulane Ingsun ora bakal murungake
putusaningSun,
dene wus ngoyak-oyak sadulure kalawan
pedhang,
sarta ora ngatonake kawelasane,
malah nepsune direndhem terus,
lan panasing atine disimpen salawase,
12 Ingsun bakal kintun geni menyang ing
Teman,

temah kraton Bozra banjur kamangsa
nganti entek."
13 Pangandikane Sang Yehuwah mangkene:
"Marga saka durakane bani Amon telung
prakara,
malah patang prakara,
mulane Ingsun ora bakal murungake
putusaningSun,
awitdene wus mbedheli wetenge wong
wadon kang meteng ing Gilead,
karepe arep ngelar wewengkone dhewe.
14 Ingsun bakal nyumed geni ana ing
sajroning baluwartine Raba,
kang mangsa kadhatone nganti entek,
binarung ing suraking paprangan,
lan kinanthenan angin gedhe ing dinaning
prahara,
15 dene rajane bakal kalungakake dadi wong
buwangan;
dalah sakehe para panggedhene,"
mangkono pangandikane Pangeran
Yehuwah.

2 1 Mangkene pangandikane Sang Yehuwah:
"Marga saka durakane Moab telung
prakara,
malah patang prakara,
mulane Ingsun ora bakal murungake
putusaningSun,
awitdene wus ngobongi balunge raja-raja
Edom dadi gamping,
2 Ingsun bakal kintun geni menyang ing
Moab,

kang mangsa kadhaton Keriot nganti
entek;
sarta Moab bakal tumpes ing satengahe
rerusuh,
binarung ing surak ing nalika kalasangka
kaunekake.
3 Ingsun bakal nyirnakake kang nyekel
pangwasa ing satengahe,
sarta sakehe panggedhene Sunpateni
kabeh bareng karo wong iku," mangkono
pangandikane Pangeran Yehuwah.

Paukuman tumrap Yehuda

2:4-5

4 Pangandikane Sang Yehuwah mangkene:
"Marga saka durakane Yehuda telung
prakara,
malah patang prakara,
mulane Ingsun ora bakal murungake
putusaningSun,
awitdene wus padha nampik angger-
anggering Yehuwah,
lan ora netepi pranatane,
nanging padha kasasarake dening
dewa-dewane kang goroh,
kang dienut dening para leluhure,
5 Ingsun bakal kintun geni menyang ing
Yehuda,
kang mangsa kedhaton Yerusalem nganti
entek."

Paukuman marang Israel

2:6-16

6 Pangandikane Sang Yehuwah mangkene:
“Marga saka durakane Israel telung prakara,
malah patang prakara,
mulane Ingsun ora bakal murungake putusaningSun,
awitdene wus padha ngedol wong mursid marga melik dhuwit,
lan wong miskin diijolake trumpah sapasang.
7 Padha ngidak-idak sirahe wong sekeng ana ing lebu,
sarta nasarake dalane wong sangsara;
anak lan bapa padha sapaturon karo wong wadon enom siji,
satemah nyawiyah kasucening asmaningSun;
8 sandhangan kang digadhe
padha digawe lemek turon sandhing saben misbyah,
lan padha ngombe anggure wong kang padha kadhendha
ana ing padalemaning Allahe.
9 Mangka Ingsun kang wus numpes saka ing ngarepe bangsa Amori,
bangsa Amori kang dedege kaya wit eres
lan kang santosa kaya wit elon,
padha Suntumpes wohe ing dhuwur
lan oyode ing ngisor.

10 Mangka Ingsun kang ngirid lakunira metu
saka ing tanah Mesir,
lan lakunira Sunkanthi ana ing pasamunan
lawase
patang puluh taun,
supaya sira bisa ngejegi nagarane wongn
Amori.
11 Ingsun wus ngadegake panunggalane
anak-anakira dadi nabi,
sarta sabageane nom-nomanira dadi nazir;
apa ora nyata mangkono, he Israel?”,
mangkono pangandikane Pangeran
Yehuwah.
12 “Nanging para wong nazir padha sira purih
ngombe anggur,
sarta para nabi padha sira celathoni:
Aja medhar wangsit!
13 Lah bumi kang sira enciki bakal
Sunhoregake,
kaya gumeroting kreta kang kabotan
momotan.
14 Wong kang banter playune iya meksa ora
bisa lumayu maneh,
lan wong rosa ora bisa migunakake
kekuwatane,
lan wong prawira ora bisa ngoncati.
15 Wong kang nyekel panah ora bisa tahan,
wong kang cukat tandange ora bisa oncat,
lan wong nunggang jaran iya ora bisa
ngluwari awake dhewe.
16 Sanadyan wong kalebu kendel ing antarane
para prawira,
iya bakal lumayu wuda ing dina iku,”

mangkono pangandikane Sang Yehuwah.

Nabi iku kang nglantarake pangandikane Gusti Allah

3:1-8

3 1 He wong Israel, padha ngrungokna
pangandika kang kadhawuhake dening
Pangeran Yehuwah tumrap sira, iya tumrap
bangsa sakabehe kang wus Sunentasake saka
ing tanah Mesir, mangkene pangandikane:
2 "Mung sira kang Sunudaneni,
saka sakehe bangsa ing salumahing bumi,
mulane sira bakal Sunukum
marga saka sakehe kaluputanira.
3 Apa ana wong loro kang mlaku bebarengan,
manawa durung sarembug?
4 Apa ana singa kang nggero ana ing alas,
manawa durung oleh memangsan?
Singa nom apa nyuwara ana ing panggonane,
manawa durung nubruk apa-apa?
5 Apa ana manuk kang tiba ana ing pasangan
kang ana ing lemah,
manawa ora kapasangan pakan?
Pasangane apa iya kajunjung saka ing lemah
manawa durung oleh apa-apa?
6 Apa ana kalasangka kaunekake ana ing
sawijining kutha,
kang ora ndadekake gumetere wong-
wong?
Lan apa ana bilai kang nempuh sawijining
kutha,

kang dudu Pangeran Yehuwah kang
nindakake?
7 Sanyata, Pangeran Yehuwah Allah ora
nindakake apa-apa
tanpa putusan kang kalairake marang para
nabi abdine.
8 Singa wus nggero,
sapa kang ora wedi?
Pangeran Yehuwah Allah wus ngandika,
sapa kang ora medhar wangsit?"

Pawarta bab rusake Israel

3:9-15

9 Padha wartakna ana ing kadhaton ing
Asyur,
lan ing sajroning kadhaton ing tanah Mesir,
sarta ngucapa: "Padha nglumpuka ang ing
gunung-gunung ing sacedhake Samaria,
lan nyawanga pageger gedhe kang ana ing
satengahe nagara iku
sarta panganiaya kang ana ing kutha
kono."
10 "Wong-wong iku padha ora sumurup
marang tindak kang jujur,"
mangkono pangandikane Pangeran
Yehuwah,
"yaiku wong kang padha nandho panindhes
lan panganiaya ana ing kadhatone."
11 Kang iku pangandikane Pangeran Yehuwah
Allah mangkene:
"Mungsuh bakal ngepung nagaranira,
lan bakal ngilangake kasantosanira,

sarta kadhatonira bakal dijarah-rayah!”
12 Pangandikane Sang Yehuwah mangkene:
“Kayadene pangon kang ngrebut
sikil loro utawa kuping sacuwil saka ing cangkeme singa,
kaya mangkono wong Israel kang manggon ing Samaria anggone bakal kaentasake,
kaya saperanganing dipan,
lan kaya saperanganing sikile paturon.”
13 Pangandikane Pangeran Yehuwah Allah Gustining sarwa tumitah:
“Padha ngrungokna, lan turune Yakub padha elingna.”
14 “Ing dina anggoningSun ngukum Israel,
marga saka panggawe-panggawene kang ala,
Ingsun iya bakal ndhawahake paukuman marang misbyah-misbyahe Betel,
temah sungune misbyah iku padha ditugeli
lan padha tiba ing lemah.
15 Omah kang dienggoni ing mangsa atis bakal Sungempur
bareng karo omah kang dienggoni ing mangsa panas,
omah-omah gadhing padha remuk,
apadene omah gedhe padha sirna,” mangkono pangandikane Sang Yehuwah.

Tumrap wong wadon Samaria kang padha mendhem kamulyan

4:1-3

4 1 “Padha ngrungokna marang pangandika iki,
he, sapi-sapi ing Basan,
kang manggon ing gunung Samaria,
kang nindhes marang wong apes,
lan ngidak-idak wong miskin,
kang ngucap marang para bendaranira:
Gawanen mrene supaya aku padha ngombe.
2 Gusti Allah wus supaos demi kasucene:
Lah bakal tumeka ing titi-mangsane
anggonira padha kaangkat sarana ganthol,
sarta kekarenira srana pancing iwak.
3 Sira bakal padha metu ngliwati bedhahaning baluwarti,
siji-sijine ngenceng ing dalane dhewe-dhewe,
lan sira bakal kasered menyang ing Hermon,”
mangkono pangandikane Sang Yehuwah.

Pangibadahe wong Israel iku pangibadah kang ala

4:4-5

4 “Padha menyanga ing Betel lan gawea dosa,
menyanga ing Gilgal,
sarta undhakana anggonira gawe dosa,

ing wayah esuk padha ngajokna kurbanira sembelehan,
sarta ing dina kaping telune pisungsungira prasepuluhan.
5 Apadene ngobonga kurban pamuji kalawan roti kang mawa ragi,
lan ngundhangna kurban-kurban manasuka;
wartakna iku!
Awit kang mangkono iku rak wus dadi kasenenganira, ta, he wong Israel?”,
mangkono pangandikane Pangeran Yehuwah.

Wong Israel ora gelem mratobat marang Pangeran Yehuwah

4:6-13

6 “Sanadyan Ingsun wus ngganjar marang sira
untu kang ora kecak pangan ing kuthanira kabeh,
lan kekurangan roti ana ing sakehe papan panggonanira,
ewasamono sira padha ora mratobat marang Ingsun,”
mangkono pangandikane Sang Yehuwah.
7 “Lan Ingsun wus ngendheg udan marang sira,
telung sasi sadurunge mangsa panen;
sarta paring udan ana ing salah sijining kutha,
lan kutha sijine ora Sunparingi udan,

pategalan kang siji kodanan,
tuwin pategalan kang ora kodanan dadi garing.
8 Wong saisine kutha loro telu padha keraya-raya lunga menyang sawijining kutha,
arep ngombe banyu, nanging ora bisa marem,
ewasamono sira padha ora mratobat marang Ingsun,”
mangkono pangandikane Pangeran Yehuwah.
9 “Ingsun wus nggebag sira kalawan ama gosong lan ama lodhoh,
patamanan lan pakebonanira anggur wus Sundadekake alum,
apadene witira anjir lan witira jaitun padha kamangsa ing walang nganti entek,
ewasamono sira padha ora mratobat marang Ingsun,”
mangkono pangandikane Sang Yehuwah.
10 “Ingsun wus ngintunake pageblug ana ing tengahira,
kayadene marang wong Mesir;
jakanira padha Sunpateni kalawan pedhang,
nalika jaranira padha karayah.
Palerebanira wus Sundamel mambu banger,
Suntamakake ing irungira,
ewasamono sira padha ora mratobat marang Ingsun,”
mangkono pangandikane Pangeran Yehuwah.

11 “Kutha-kuthanira wus padha Sundadekake
bosah-basih,
kaya anggone Gusti Allah nggempur
Sodom lan Gomora,
temah sira prasasat kaya tegesan kang
kaentas saka ing geni,
ewasamono sira padha ora mratobat marang
Ingsun,”
mangkono pangandikane Pangeran
Yehuwah.
12 “Kang iku, he Israel, sira bakal padha
Sunpatrapi kang kaya mangkono iku.
Sarehne Ingsun bakal nandukake kang
mangkono iku
marang sira,
mulane, he Israel, sira padha tata-tataa
bakal sowan marang Allahira!”
13 Satemene Panjenengane kang yasa
gunung-gunung lan nitahake angin,
sarta nyumurupake marang manungsa
apa kang digalih,
kang yasa padhang lan peteng,
sarta kang tindak ana ing sadhuwure
tengger-tengger,
iku Pangeran Yehuwah, Gustine sarwa
dumadi asmane.

Pangadhuh ing ngatase Israel

5:1-3

5 1 Padha rungokna tembung kang
dakucapake ing ngatase kowe kabeh iki

minangka kidung pangadhuh, he, turune
Israel:

2 “Putri ing Israel wus padha tiba,
lan bakal ora ngadeg maneh,
ambruk ing bumine,
ora ana kang nangekake.”
3 Awitdene mangkene pangandikane Gusti
Allah marang turune Israel:
“Kutha kang nglurug perang nggawa bala
sewu,
bakal kari satus,
lan kang nglurug perang nggawa bala satus,
bakal kari sepuluh.”

Dalan kang anjog ing urip

5:4-6

4 Awit mangkene pangandikane Sang
Yehuwah marang turune Israel:
“Sira padha ngupaya Ingsun, temah bakal
urip!
5 Aja ngupaya marang Betel,
lan aja menyang ing Gilgal,
sarta iya aja lumaku menyang Bersyeba,
awit Gilgal mesthi bakal lumebu ing
pambuwangan,
sarta Betel bakal sirna.”
6 Padha ngupayaa Pangeran Yehuwah, temah
bakal urip,
supaya Panjenengane aja nganti ngrawuhi
turune Yusuf kaya geni,
kang bakal mangsa nganti entek,
Betel ora ana kang nyirepake genine.

Nglawan pangroda-peksa marang kaadilan

5:7-13

7 He, para kang ngowahi kaadilan dadi butrawali,
sarta kang mbanting kabeneran ing bumi!
8 Panjenengane kang wus nitahake lintang Wuluh lan lintang Waluku,
kang ndadekake pepeteng dadi bangun esuk,
sarta kang ndadekake awan dadi peteng kaya bengi;
Panjenengane kang nimbali banyu sagara,
lan ngesokake iku marang ing lumahing bumi,
iku asmane kasebut Pangeran Yehuwah.
9 Panjenengane ndhawahake karusakan marang kang santosa,
temah papan kang mawa baluwarti iya kelakon gempur.
10 Wong iku padha sengit marang sapa bae kang melehake ana ing gapurane kutha,
lan enek marang kang ngucapake tembung-tembung kalawan eklas.
11 Sarehne sira padha ngidak-idak marang wong apes,
sarta gandume kokpajegi,
mulane sanadyan sira wus padha gawe omah watu tatahan,
nanging iku bakal ora sira enggoni;

sanadyan sira wus gawe pakebonan anggur kang endah,
nanging sira ora bakal ngombe anggure.
12 Awitdene Ingsun mirsa yen akeh durakanira
lan akeh cacahe dosanira,
heh kowe kang padha gawe sumpeking atine wong mursid,
sarta kang padha nampani besel,
lan kang ngiwakake wong miskin ana ing gapura.
13 Mulane ing mangsa iku,
sapa kang duwe budi bakal meneng bae,
marga wektu iku wektu kang ala.

Urip lan mati

5:14-17

14 Padha ngupayaa kang becik aja kang ala,
supaya kowe urip;
karodene Pangeran Yehuwah, Gusti Allahe kang sarwa dumadi bakal nunggil kalawan sira,
kaya kang dadi ujarmu.
15 Piala iku sengitana lan rumaketa marang kabecikan,
njejegna kaadilan ana ing gapurane kutha,
bokmanawa Pangeran Yehuwah,
Gusti Allahe kang sarwa tumitah
bakal karsa paring kawelasan
marang kekarene turune Yusuf.
16 Lah Pangeran Yehuwah, Gusti Allahe kang sarwa dumadi,

iya Gustiku, ngandika mangkene:
“Pangadhuh bakal keprungu ana ing sakehing ara-ara;
lan ing sakehe lelurung wong bakal ngadhuh-adhuh: Adhuh lae, adhuh lae!
Wong tani diundang supaya ngadhuh-adhuh,
samono uga wong kang pinter nangis,
supaya nganakake patangisan.
17 Lan ing kebon-kebon anggur bakal ana pangadhuh,
samangsa Ingsun lumampah ana ing tengahira,”
mangkono pangandikane Pangeran Yehuwah.

Dinane Pangeran Yehuwah

5:18-20

18 Bilai wong kang padha ngarep-arep marang dinane Sang Yehuwah!
Apa gunane dinane Sang Yehuwah iku tumrap sira?
Dina iku pepeteng, dudu pepadhang!
19 Umpamane kaya wong kang lumayu saka ing ngarepe singa,
dumadakan kepethuk karo bruwang,
sarta bareng tekan ing omahe,
lan sendhen ing tembok kalawan tangane katemplekake,
banjur kacakot ula.
20 Dinane Sang Yehuwah iku rak pepeteng, dudu pepadhang,
rak peteng limengan tanpa cahya?

Pangibadahe Israel kasengitan dening Pangeran Yehuwah

5:21-27

21 “Riyayanira Sunsengiti, iya Sunremehake.
Ingsun ora rena marang pasamuwanira
gedhe.
22 Sanyata, samangsa sira nyaosake marang
Ingsun kurbanira obaran,
lan kurbanira dhaharan,
iku ora ndadekake kaparenge galihingSun,
sarta kurbanira slametan kang arupa pedhet
lemon,
iku ora Sunpirsani.
23 Sesindhenanira kang rame iku edohna
saka ing ngarsaningSun,
sarta swaraning clempungira Ingsun ora
karsa midhangetake.
24 Nanging kaadilan iku gumlindhinga kaya
banyu,
lan kabeneran kaya kali kang tansah mili.”
25 “He, turune Israel. Ana ing pasamunan
patang puluh taun lawase iku apa sira nyaosi
kurban sembelehan lan kurban dhaharan
marang Ingsun? 26 Malah sira padha ngusung
Sakut, rajanira, lan Kewan, dewanira lintang,
reca-recanira kang sira gawe. 27 Mulane sira
bakal Sunbucal adoh ngliwati tlatah Damsyik,”
mangkono pangandikane Pangeran Yehuwah,
kang asmane kasebut Gusti Allahe kang sarwa
tumitah.

Rasa tentrem kang mung semu

6:1-14

6 1 “Bilai para wong kang rumangsa ayem
ana ing Sion,
lan kang rumangsa tentrem ana ing
gunungе Samaria;
iya para panggedhene bangsa kang utama,
kang disebani dening turune Israel.
2 Padha menyanga ing Kalne lan nitipriksaa,
saka kono menyanga ing Hamat nagara
kang gedhe iku,
banjur menyanga ing Gat, nagarane wong
Filisti,
apa iku padha ngluwihi becike karajan-
karajan iki,
utawa tlatahe apa luwih jembar tinimbang
tlatahira?
3 He, sira kang padha nganggep adoh saka
dinaning bilai,
nanging nyedhakake paprentahan
panganiaya;
4 kang klemahan ana ing paturon gadhing,
lan nglegeyeh ana ing amben,
sarta mangan cempening pepanthan,
apadene pedhet saka ing satengahe
pepanthaning kewan lemon,
5 kang padha menyanyi manut unining
clempung,
sarta nganggit kekidungan kaya Dawud;
6 kang ngombe anggur ing bokor,

lan njebadi awak kalawan lenga kang adi dhewe,
nanging ora mreduli bab rusaking bani Yusuf.
7 Mulane saiki, wong-wong iku bakal padha budhal menyang
ing pambuwangan lan dadi pucuking barisan,
temah sirep ramening pistane kang padha leyeh-leyeh.”
8 Pangeran Yehuwah wus supaos demi sarirane piyambak;
-- mangkono pangandikane Sang Yehuwah Allah Gustining sarwa tumitah --:
“Ingsun enek mirsani piangkuhe Yakub,
lan sengit marang kadhatone;
nagara saisine bakal Sunulungake.”
9 Ing kono saupama ing omah siji isih ana
wonge kang kari sepuluh, iku bakal padha
mati kabeh. 10 Sarta manawa pamane kang
ngobong jisime iku, kang teka arep njunjung
lan ngetokake jisim saka ing omah iku, sarta
takon marang kang ana ing buri: “Apa isih
ana wong maneh kajaba kowe?” mangka
kawangsulan: “Ora ana,” nuli bakal celathu:
“Wis menenga!” Sabab ora patut nyebut
asmane Pangeran Yehuwah.
11 Marga lah Sang Yehuwah wus dhawuh,
omah kang gedhe bakal dirubuhake dadi jugrugan,
lan omah kang cilik bakal dadi bobrok.
12 Jaran apa padha lumayu ana ing gunung parang,

sarta sagara apa diwluku kalawan sapi?
Lah sira wus ngowahi kaadilan dadi wisa,
lan kabeneran dadi brutawali?
13 He sira, kang padha bungah-bungah
marga saka Lodhabar,
sarta kang padha ngucap: “Apa dudu kita
kang ngrebut Karnaim kalawan karosan
kita?”
14 “Sabab lah Ingsun bakal ngedegake
sawijining bangsa,
kang bakal nglawan marang sira, he
turune Israel,”
-- mangkono pangandikane Sang
Yehuwah, Gusti Allahing sarwa dumadi
--
“sarta sira bakal ditindhes
wiwit saka dalan kang ngener ing Hamat
nganti tekan ing kali kang ana ing Araba.”

Wahyu kapisan: Walang

7:1-3

7 1 Iki tetingalan kang diparingake dening
Pangeran Yehuwah marang aku: Lah
Panjenengane nganakake krompolan walang,
ing mangsane suket akhir wiwit thukul,
yaiku suket akhir sawuse kaerit kagem Sang
Prabu. 2 Nalika walang mau wiwit ngentekake
thethukulan ing bumi, nuli unjukku:
“Dhuh Pangeran Yehuwah, mugi Paduka
karsaa paring pangapunten!
Kadospundi Yakub anggenipun saged
lestantun?

Piyambakipun rak alit, ta?”
3 Ing kono Sang Yehuwah banjur apiduwung ing bab iku,
pangandikane: “Iku bakal ora kelakon.”

Wahyu kang kapindho: Geni

7:4-6

4 Pangeran Yehuwah tumuli paring tetingalan
marang aku kaya mangkene: Pangeran
Yehuwah nimbali geni minangka paukuman,
geni mau banjur mangsa samodra agung lan
pategalan nganti entek.
5 Aku nuli munjuk:
“Dhuh Pangeran Yehuwah, mugi Paduka karsaa kendel!
Kadospundi Yakub anggenipun saged lestantun?
Piyambakipun punika rak alit, ta?”
6 Ing kono Sang Yehuwah banjur apiduwung,
pangandikane: “Iku uga ora bakal kelakon.”

Wahyu kang kaping telu: Tali sipat gantung

7:7-9

7 Iki tetingalan kang diparingake marang
aku: Pangeran jumeneng ing sacedhaking
tembok kang jeleg, lan ngasta sipat gantung.
8 Pangandikane Sang Yehuwah marang aku:
“He Amos, sira ndeleng apa?” Unjukku:

“Tangsul sipat gantung!” Pangandikane Pangeran:
“Lah umatingSun Israel bakal Sunetrapi sipat
gantung ana ing tengahe.
Ingsun ora bakal maringi pangapura
maneh.
9 Tengger-tengger pangurbanane Iskak bakal
kadadekake ludhes,
lan papan-papan sucine Israel bakal
karusak,
sarta Ingsun bakal nglawan marang turune
Yerobeam kalawan pedhang.”

Amos katundhung

7:10-17

10 Nalika iku Imam Amazia, imam ing Betel
kongkonan wong seba ing ngarsane Sang
Prabu Yerobeam, raja ing Israel, dikon matur:
“Amos sampun damel sakuthon badhe mbalela
dhateng panjenengan dalem wonten ing
tengahipun Israel, nagari punika boten badhe
saged tahan dhateng tembung-tembungipun
Amos punika. 11 Awit pangucapipun Amos
makaten:
Sang Prabu Yerobeam bakal seda kapupu ing
pedhang,
lan Israel mesthi lunga saka ing tanahe,
dadi wong buwangan.”
12 Imam Amazia mau banjur tutur marang
Nabi Amos: “Wong sidik, lungaa, ngungsia
menyang ing tanah Yehuda! Goleka pangan
mrana lan medhara wangsit ana ing kana

bae. 13 Nanging ana ing Betel kene kowe
aja medhar wangsit maneh, awit kene iki
pepundhene Sang Prabu, sarta pasucene
nagara.” 14 Nabi Amos tumuli mangsuli marang
Imam Amazia: “Aku iki dudu panunggalane
para nabi, lan iya ora klebu golongane nabi,
panggaotanku kang baku ngingu wedhus
lan ngundhuhi woh sikmah. 15 Nanging Gusti
nimbali aku saka ing panggaotanku angon
wedhus, lan dipangandikani mangkene: Sira
lungaa, medhara wangsit marang umatingSun
Israel.

16 Anadene saiki kowe ngrungokna
pangandikane Sang Yehuwah!
Pangucapmu: Kowe aja medhar wangsit
nglawan Israel,
lan aja ngucapake tetembungan nglawan
marang turune Iskak.
17 Mulane Pangeran Yehuwah ngandika
mangkene:
Somahira bakal dadi wanita tunasusila ana
ing kutha,
lan anak-anakmu lanang lan wadon bakal
padha mati dening pedhang;
tanahmu bakal kaedum-edum srana tali
ukuran,
sarta sira dhewe bakal mati ana ing tanah
kang najis,
tuwin Israel mesthi bakal kalungakake
saka ing tanahe lan dadi wong
buwangan.”

Wahyu kang kaping pat: Kranjang isi woh-wohan

8:1-3

8 1 Pangeran Yehuwah paring tetingalan
marang aku mangkene: Lah ana kranjang
isi woh-wohan undhuhan ing mangsa ketiga.
2 Panjenengane tumuli ngandika: “He Amos,
sira ndeleng apa?” Unjukku: “Kranjang isi
woh-wohan undhuhan ing mangsa ketiga.” Ing
kono pangandikane Sang Yehuwah:
“Wus cedhak wekasane umatingSun Israel,
Ingsun ora bakal maringi pangapura
maneh.
3 Ing dina iku kekidungan ing padaleman suci
bakal dadi pangadhuh,”
mangkono pangandikane Pangeran
Yehuwah.
“Ing ngendi-endi ana jisim,
kang kabuwang ing saenggon-enggon
kanthi sidheman.”

Pepenget marang wong kang nindhes pepadhane

8:4-8

4 Rungokna iki, he, kowe kang padha nindhes
marang wong miskin
lan kang ngrusak wong mlarat ing nagara
kene,
5 lan mikir: “Besuk apa enteke sasi anyar,
supaya kita bisa adol gandum,

sarta besuk apa rampunge dina Sabat,
supaya kita bisa nawakake gandum
kalawan nyuda takeran efa lan nggedhekake sekel,
ngapusi kalawan timbangan palsu,
6 supaya kita bisa tuku wong sekeng srana dhuwit,
lan wong miskin kalawan trumpah sapasang,
sarta adol gandum rosokan?"
7 Sang Yehuwah wus supaos demi kamulyane Yakub:
"Satemen-temene Ingsun ora bakal nyupekake ing sateruse marang sakehe panggawene!
8 Apa bumi ora bakal gumeter marga saka kang mangkono iku,
nganti saben wong kang manggon ing kono ngrasakake susah?
Apa iku kabeh ora bakal munggah kaya bengawan Nil,
lan gonjang-ganjing banjur mendhak maneh kayadene bengawan ing tanah Mesir?"

Grahana srengenge lan pangadhuh

8:9-10

9 "Ing dina iku bakal kelakon,"
-- mangkono pangandikane Pangeran Yehuwah --
"srengenge bakal Sundadekake angslup ing wayah awan,

sarta bumi Sundamel peteng ing wayah
raina.
10 Karodene karameaning kabungahanira
padha Sunsalini dadi kaprihatinan,
lan kekidunganira dadi kidung pangadhuh,
sarta sakehe bangkekan Sunsandhangi
bagor,
apadene sakehe sirah Sundhawuhi
gundhul,
iku kabeh Sundadekake kaya palayadan
marga kelangan anak ontang-anting,
lan wekasane dadi dina kang pait-getir."

Keluwen lan kasatan

8:11-14

11 Pangandikane Pangeran Yehuwah:
"Lah bakal tumeka ing titi-mangsane,"
-- mangkono pangandikane Pangeran
Yehuwah --
Ingsun bakal ndhatengake pailan ana ing
nagara kene,
dudu pailan pangan utawa kasatan banyu,
nanging ngorong marang pangandikane
Pangeran Yehuwah.
12 Wong-wong bakal padha nglembara saka
ing sagara kang siji menyang ing sagara
sijine,
sarta nglambrang saka ing lor menyang
ing wetan,
arep ngupaya pangandikane Sang Yehuwah,
nanging ora oleh.
13 Ing dina iku prawan-prawan kang ayu

lan jaka-jaka kang gagah padha ambruk
dening kasatan;
14 yaiku kang padha sumpah demi Asima,
dewi ing Samaria,
lan kang ngucap: Demi allahmu kang
gesang, he Dhan,
sarta: Demi dewa kekasihira kang urip, he
Bersyeba,
iku bakal padha ambruk lan ora bakal
ngadeg maneh.”

Wahyu kang kaping lima: Pangeran celak misbyah

9:1-6

9 1 Aku ndeleng Pangeran jumeneng ana ing
sacedhake misbyah, sarta ngandika:
“Pucuking saka iku gandhenen kang seru
supaya undhak-undhakane horeg,
padha jugrugna marang sirahe wong akeh,
lan kekarene bakal padha Sunpateni kalawan
pedhang,
bakal ora ana kang bisa lumayu siji-sijia,
lan iya ora ana siji-sijia kang bisa oncat.
2 Sanadyan padha nembus tekan ing jagading
wong mati,
astaningSun mesthi mundhut wong-wong
iku saka ing kono;
utawa saupama munggaha menyang ing
langit,
iya bakal Sunandhapake saka ing kono.
3 Sanadyan padha umpetan ana ing pucake
gunung Karmel,

mesthi bakal Sunlari lan Sunglandhang
saka ing kono;
utawa sanadyan arep nilapake tingalingSun
lan ndhelik ana ing dhasaring sagara,
Ingsun bakal dhawuh marang ula supaya
nyakot wong-wong iku ana ing kono.
4 Sanadyan padha lumaku ana ing ngarepe
mungsuhe minangka tawanan,
Ingsun bakal utusan pedhang supaya
mateni wong-wong iku ana ing kono.
Ingsun bakal ngarahake tingalingSun marang
wong-wong iku
supaya padha cilaka, ora supaya padha
slamet."
5 Gusti Allahing sarwa dumadi
kang ndumuk marang bumi, temah
gonjing,
lan para wong kang ngenggoni padha
nandhang susah,
sarta kabeh padha mumbul kaya bengawan
Nil,
banjur mendhak maneh kaya bengawan
ing Mesir;
6 kang yasa gedhong ana ing langit,
sarta nelesi plengkunge ana ing bumi,
kang nimbali banyu sagara,
banjur diesokake ing salumahe bumi,
Pangeran Yehuwah iku asmane.

Bangsa pilihan katampik dening Gusti Allah

9:7-10

7 "He wong Israel. Sira iku tumrap Ingsun rak
padha bae kaya wong Etiopia?"
-- mangkono pangandikane Sang Yehuwah
--.
"Israel rak wus Sunhirid
metu saka ing tanah Mesir,
wong Filisti saka ing Kaftor,
lan wong Aram saka ing Kir?
8 Lah, Sang Yehuwah Allah wus nitipriksa
karajan kang nindakake dosa iku.
Iku bakal Suntumpes temah sirna saka ing
lumahe bumi;
nanging turune Yakub iku bakal ora
Suntumpes nganti tapis,"
-- mangkono pangandikane Pangeran
Yehuwah --.
9 "Sabab lah, Ingsun bakal paring dhawuh,
banjur turune Israel iku Sunoyog-oyog ana
ing antarane para umat,
patrape kaya wong kang lagi ngayaki,
mangka krikil cilik siji bae ora ana kang
tiba ing lemah.
10 Bakal padha mati dening pedhang
sakehe wong dosa panunggalane
umatingSun
kang padha ngucap: Aku bakal ora
kecandhak
utawa kagepok ing bilai."

Janji bab kaslametan

9:11-15

11 “Ing dina iku Ingsun bakal ngadegake maneh
gubuge Dawud kang wus rubuh;
lan pecah-pecahing temboke bakal Suntambali,
sarta jugrugane bakal Sunadegake maneh;
bakal Sunbangun maneh kaya ing jaman biyen;
12 supaya wong-wong iku padha ngwasanana marang kekarene bangsa Edom,
lan sakehe bangsa kang Sunsebut kagunganingSun,”
mangkono pangandikane Pangeran Yehuwah kang nindakake prakara iki.
13 Pangandikane Sang Yehuwah mangkene:
“Lah bakal tumeka ing titi-mangsane,
wong mluku bakal ana ing burine wong ani-ani,
wong kang mipit woh anggur lan kang nyebar wiji;
gunung-gunung padha netesake anggur anyar,
sarta tengger-tengger bakal kabanjiran.
14 UmatingSun Israel bakal Sunpulihake maneh,
nuli padha mbangun maneh kutha-kuthane kang wus gempur sarta banjur dienggoni;
bakal padha nanduri pakebonane anggur,

sarta bakal ngombe anggure,
lan bakal padha gawe kebon woh-wohan
lan mangan wohe.
15 Tumuli padha Suntanem ana ing tanahe
dhewe,
lan mesthi ora dijabut maneh saka ing
tanah kang wus Sunparingake,”
mangkono pangandikane Pangeran
Yehuwah, Allahira.

OBAJA

Pameca tumrap Edom

1-16

1 [1] Wahyune Nabi Obaja.
Pangandikane Pangeran Yehuwah Allah
marang Edom mangkene -- aku wus
padha krungu pawarta saka Sang
Yehuwah, --
ana sawijining utusan kalakokake menyang
ing satengahe para bangsa:
“Tangia, payo padha tumandang merangi
Edom!” --
[2] Lah sira wus Sundadekake cilik ana ing
antarane para bangsa,
banget anggonira diremehake.
[3] Sira wus diapusi dening piangkuhe atinira,
sira kang manggon ing gampeng-
gampenging parang
kang dumunung ing papan kang dhuwur,
sarta kang duwe osik:
“Sapa kang bisa ngundhunake aku
menyang ing bumi?”
[4] Sanadyan sira mabur dhuwur kaya manuk
garudha,
malah sanadyan susuhira ana ing antarane
lintang-lintang,
Ingsun iya bakal ngudhunake sira saka ing
kono, --

mangkono pangandikane Pangeran
Yehuwah.
5 Manawa sira katekan maling utawa rampog
ing wayah bengi,
-- kaya apa bae anggonira karusak, --
anggone nyolong rak mung sacukupe bae,
ta?
Manawa sira katekan wong ngundhuh
anggur,
rak mesthi ana anggur kang katinggal?
6 Kaya apa bae anggone turune Esap
digledhah,
kaya apa bae anggone digoleki rajabranane
kang sumimpen!
7 Sakehe mitra kang mbantu sira
padha ngurak-urak sira nganti tekan ing
tapel-wates;
sira dicidrani, dikalahake dening para
mitranira.
Kang manggon tunggal sameja karo sira,
masangi kala sira. --
Wong iku tanpa budi.
8 Ing wektu iku -- mangkono pangandikane
Sang Yehuwah --
Ingsun rak bakal numpes para wong
wicaksana ing Edom,
lan ngilangake pangreten saka ing
pagunungane Esap?
9 He Teman, uga para pahlawanira bakal
kamitenggengen,
supaya sakehe wong ing pagunungane
Esap padha sirna kapatenan.

10 Marga saka panganiaya kang sira
tandukane marang sadulurira Yakub,
sira bakal kataman ing wirang
lan bakal kasirnakake ing salawase.
11 Ing nalika sira ngadeg ana ing kadohan,
mangka wong-wong liya padha ngrayah
kasugihane Yerusalem
lan wong-wong ngamanca padha lumebu ing
gapurane,
sarta padha mbuwang undhi tumrap
Yerusalem,
ing kono sira uga padha dadi pepadhane
wong-wong iku.
12 Sira aja ngremehake sadulurira
ing dina kasangsarane,
lan aja bungah-bungah ing ngatase bani
Yehuda,
ing dina tumpese;
lan aja umuk-umukan
ing dina karupekane.
13 Aja lumebu ing gapurane umatingSun
ing dinane kang siyal,
malah aja nganggep entheng marang ing
kacilakan kang tumempuh,
ing dinane kang siyal;
lan aja ngrampas barang darbeke
ing dinane kang siyal iku.
14 Sira aja nyegati ana ing dalan simpangan,
kalawan sedya numpes wonge kang padha
oncat,
lan aja ngulungake kang padha bisa oncat
ing dina karupekane.

15 Amarga wus cedhak dinane Sang Yehuwah
kang tumempuh marang sakehe umat,
sira bakal diwales padha kaya kang dadi
panggawenira,
panggawenira bakal bali nampek marang
sirahira dhewe.
16 Lah kaya patrap anggonira wus ngombe
ana ing gunungingSun kang suci,
mangkono uga para umat iya bakal
ngombe kabeh tanpa leren,
malah anggone ngombe katon ngangsa-
angsa,
lan bakal dadi kaya-kaya bangsa-bangsa
mau ora tau ana.

Bisane oncat mung ana ing Sion

17-21

17 Nanging ing gunung Sion bakal ana
wong-wong kang bisa oncat,
sarta gunung Sion iku bakal dadi papan
kang suci,
lan bani Yakub bakal padha ndarbeni tanah
kang wus
dadi duweke.
18 Bani Yakub bakal dadi geni,
bani Yusuf urubing genine
dene bani Esap tunggakaning gandum;
nuli bakal kaobong lan kamangsa nganti
entek,
tuwin turune Esap ora ana wong siji-sijia
kang bisa oncat,

awit Pangeran Yehuwah kang ngandika
mangkono.
19 Wong-wong kang manggon ing
Tanah Negeb bakal padha ngejegi
pagunungane Esap,
lan kang manggon ing Dhaerah
Pagunungan bakal ngejegi tanahe wong
Filisti,
sarta bakal ngebeki bumine Efraim lan tlatah
Samaria,
apadene taler Benyamin bakal ngebeki
tlatah Gilead.
20 Wong-wong Israel kang digawa menyang
ing pambuwangan,
bakal ngebeki tanahe wong Kanaan nganti
tekan Zarfat,
sarta wong-wong Yerusalem kang digawa
menyang pambuwangan kang ana ing
Sefarad,
bakal padha ngebeki kutha-kutha ing
Tanah Negeb.
21 Sarta bakal ana juru pangentas kang
padha munggah ing gunung Sion,
prelu ngukum pagunungane Esap;
Pangeran Yehuwah kang banjur bakal
kagungan karajan iku.

YUNUS

Nabi Yunus mbalela marang timbalane Pangeran Yehuwah

1:1-17

1 [1] Ana dhawuhe Pangeran Yehuwah marang
Nabi Yunus bin Amitai, mangkene: [2] "Sira
mangkata, paranana kutha gedhe Niniwe
lan ngundhangna pameleh marang nagara
iku, awit durakane wus sumengka tekan ing
ngarsaningSun." [3] Nanging Nabi Yunus banjur
tata-tata arep mlajeng menyang Tarsis adoh
saka ing pangayunane Pangeran Yehuwah; nuli
tindak menyang ing Yafo; ing kono ana kapal,
kang arep mangkat menyang Tarsis; sawuse
mbayar wragadinng laku, banjur minggah
ing prau, bebarengan karo wong-wong kang
menyang Tarsis, adoh saka ing pangayunane
Sang Yehuwah.
[4] Nanging Pangeran Yehuwah ndhatengake
prahara ana ing sagara, temah ing sagara
kono banjur ana prahara gedhe, praune
nganti meh-meh bae pecah ambyar. [5] Para
awak-awaking prau padha kataman giris,
kabeh padha sesambat marang allahe
dhewe-dhewe, sarta momotan kang ana ing
prau padha dibuwangi ing sagara supaya
praune dadi entheng. Nanging Nabi Yunus iku
wus mandhap menyang ing peranganing prau

kang ngisor dhewe lan banjur sarean, wasana
sare kepatos. 6 Panggedhening prau tumuli
marani Nabi Yunus, pangucape: “Kadospundi
sampeyan punika, dene kok saged tilem
kepatos makaten? Sumangga sampeyan
tangi, lajeng nyebut dhateng Allah sampeyan,
bokmanawi Allah punika karsa ngengeti
dhateng kita, temah boten ngantos manggih
bilai.” 7 Para wong isine prau banjur padha
sapocapan mangkene: “Payo padha mbuwang
undhi, supaya tetelaa sapa kang njalari kita
katempuh ing bilai mangkene iki.” Tumuli iya
kelakon mbuwang undhi, lan Nabi Yunus kang
kena.
8 Ing kono pangucape wong akeh marang
Nabi Yunus: “Sumangga kula sampeyan
sukani sumerep, sinten ingkang njalari kula
sami kadhatengan bilai makaten punika?
Padamelan sampeyan punapa lan asal
sampeyan saking pundi, ing pundi nagari
sampeyan, sarta bangsa punapa sampeyan
punika?” 9 Wangsulane Nabi Yunus: “Kula
tiyang Ibrani, kula ngabekti dhateng Pangeran
Yehuwah, Gusti Allah ingkag kagungan langit,
ingkang sampun nitahaken saganten lan
dharatan.” 10 Wong kabeh dadine padha
wedi banget, sarta banjur celathu marang
Nabi Yunus: “Sampeyan kok nglampahi
makaten?” Anggone ngucap mangkono iku
marga wus ngreti, yen Nabi Yunus iku lolos
ngedohi pangayunane Sang Yehuwah; awit
wus padha dicritani mangkono. 11 Karodene
pitakone marang Nabi Yunus: “Sampeyan

kula punapakaken, supados saganten saged
lerem saha boten nempuh dhateng kula
sadaya malih, awit sagantenipun saya ageng
ombakipun.” 12 Wangsulane Nabi Yunus:
“Kula sampeyan angkat, kacemplungna ing
saganten, temah saganten temtu lajeng
lerem saha boten nempuh dhateng sampeyan
sadaya malih. Margi kula ngretos, anggen
sampeyan katempuh ing prahara ageng
punika, margi saking kula.” 13 Wong-wong nuli
padha ndhayungi kanthi ngetog kakuwatan,
arep ngener menyang dharat maneh, nanging
tanpa gawe, marga sagarane saya nggegirisi
anggone nempuh. 14 Ing kono banjur padha
nyebut marang Pangeran Yehuwah, unjuke:
“Dhuh Yehuwah, mugi-mugi kawula sampun
ngantos tiwas pejah margi saking nyawanipun
tiyang punika, punapadene sampun ngantos
Paduka nempahaken bab punika dhateng
kawula sadaya, rah ingkang resik, awitdene
Paduka, dhuh Yehuwah, sampun nindakaken
punapa ingkang Paduka karsakaken.” 15 Nabi
Yunus tumuli diangkat, kacemplungake ing
sagara, sagara banjur sirep ora ngamuk
maneh. 16 Awit saka kang mangkono iku
wong-wong mau dadi banget wedine marang
Sang Yehuwah, sarta padha nyaosake kurban
sembelehan konjuk marang Sang Yehuwah,
sarta nglairake punagi.

17 Kacarita marga saka panuntuning Yehuwah
nuli ana iwak gedhe kang teka lan nguntal
marang Nabi Yunus, sarta Nabi Yunus ana ing

sajroning wetenge iwak mau lawase telung
dina telung bengi.

Nabi Yunus ndedonga ngucap sokur

2:1-10

2 [1] Ana ing sajroning wetenge iwak iku,
Nabi Yunus ndedonga marang Pangeran
Yehuwah Allahe, [2] unjuke:
"Ing salebeting kasisahan, kawula sesambat
dhateng Pangeran Yehuwah
lajeng inggih dipun sembadani,
wonten ing guwa-garbaning pejah kawula
nyuwun tulung,
Paduka lajeng miyarsakaken swanten
kawula.
[3] Kawula sampun Paduka cemplungaken
dhateng ing teleng,
inggih ing dhasaring samodra,
kawula lajeng kakupeng ing ombaking
toya,
sakathahing alun lan ombak Paduka
nasabi badan kawula.
[4] Ing ngriku unjuk kawula: Kawula sampun
kasebrataken saking ing ngarsaning
paningal Paduka,
punapa kawula badhe saged nyawang
malih dhateng padaleman Paduka
ingkang suci.
[5] Kawula sampun kinepang ing sakathahing
toya ingkang ngancam nyawa kawula,
kawula kasasaban ing samodra agung;

sirah kawula kagubed-gubed ing lumuting samodra
6 wonten ing dhasaring redi-redi.
Kawula ambles ngantos dumugi ing dhasaring bumi;
kawulu kakancingan ing slaraking bumi ing salaminipun;
ing nalika punika Paduka lajeng ngentas nyawa kawula saking luwenging pejah,
dhuh Yehuwah, Gusti Allah kawula.
7 Nalika nyawa kawula nglumpruk nglemprek wonten ing batos kawula,
kawula enget dhateng Pangeran Yehuwah,
sarta pandonga kawula sumengka dhateng ing ngarsa Paduka
wonten ing padaleman Paduka ingkang suci.
8 Tiyang ingkang sami gondhelan dhateng brahala ingkang tanpa gina punika
sami nilar dhateng ingkang ngasihi kanthi setya.
9 Nanging kawula badhe nyaosi kurban dhateng Paduka
kanthi ngucap sokur;
punapa ingkang dados punagi kawula,
badhe kawula leksanani;
kawilujengan punika namung saking Sang Yehuwah!"

10 Pangeran Yehuwah banjur dhawuh marang
iwak mau lan Yunus banjur kawutahake
menyang ing dharatan.

Tobate kutha Niniwe

3:1-10

3 1 Nabi Yunus banjur kapangandikanan
dening Pangeran Yehuwah kang kaping
pindhone: 2 "Mangkata, menyanga ing Niniwe,
kutha kang gedhe iku lan ngandhakna
marang kutha iku, pangandika kang bakal
Sunparingake marang sira." 3 Nabi Yunus
tumuli tata-tata lan banjur mangkat menyang
ing Niniwe, cundhuk karo pangandikane Gusti
Allah. Anadene Niniwe iku kutha kang gedhene
ngedab-edabi, jembare lakon telung dina.
4 Nabi Yunus tumuli lumebet ing kutha
kono, dohe nganti lakon sadina, banjur
nguwuh-uwuh: "Kurang patang puluh dina,
Niniwe mesthi bakal kagempur." 5 Wong Niniwe
iku padha ngandel marang Gusti Allah, mulane
tumuli padha ngundhangake puwasa lan
manganggo bagor, wiwit kang diwasa tumeka
bocah-bocah. 6 Prakara iku bareng kapiyarsa
dening Sang Nata ing Niniwe, panjenengane
tumuli tedhak saka ing dhampar, ngrucat
pangagemaning kaprabon, sarta mangagem
bagor tuwin banjur lenggah nglosod ing
awu. 7 Atas saka dhawuhe Sang Prabu lan
para panggedhene, banjur kaundhangake
lan kadhawuhake ana ing Niniwe mangkene:
"Manungsa lan sato-kewan, iya sapi lan
wedhus, aja ana kang mangan apa-apa, aja
ana kang diengon, sarta aja ana kang ngombe
banyu. 8 Manungsa lan sato-kewan kudu

padha manganggo bagor, sarta banjur padha
sambat-sambata marang Gusti Allah, karo
siji-sijine padha mratobata, ninggala pokale
kang ala lan mbuwanga tindak panganiaya
kang dilakoni. 9 Sapa ngreti, mbokmanawa
Gusti Allah banjur santun panggalihe sarta
apiduwung tuwin karsa nyirep bebendune
kang mulad-mulad iku, satemah kita ora sida
katumpes.” 10 Bareng Gusti Allah ngudaneni
apa kang dilakoni wong-wong mau, yaiku
anggone padha mratobat ninggal lakune
kang ala, Gusti Allah banjur apiduwung ing
bab anggone ngrancang arep ndhawahake
bilai marang wong-wong mau, nuli iku
diwurungake.

Nabi Yunus sinau ngreti, manawa Gusti Allah iya nresnani bangsa liya

4:1-11

4 1 Lelakon kang kaya mangkono iku
ndadekake pegeling panggalihe Nabi
Yunus, banjur tuwuh dukane. 2 Tumuli
ndedonga marang Pangeran Yehuwah,
unjuke: “Dhuh Yehuwah, rak sampun
makaten pangraos kawula, nalika kawula
taksih wonten ing nagari kawula? Inggih
punika sababipun, kawula nunten lumajeng
dhateng Tarsis; awitdene kawula sumerep,
bilih Paduka punika Gusti Allah ingkang
asih-mirma tuwin welasan, ingkang ageng
kasabaranipun, ingkang luber kadarmanipun
saha ingkang apiduwung ing ngatasipun bilai

ingkang badhe kadhawahaken. 3 Ingkang
punika, dhuh Yehuwah, mugi karsaa mundhut
nyawa kawula, margi langkung sae kawula
pejah tinimbang kaliyan gesang.” 4 Nanging
pangandikane Sang Yehuwah: “Anggonira
nepsu iku apa wus sabenere?”

5 Nabi Yunus wus medal saka ing kutha kono
lan manggen ana ing sawetane. Ana ing kono
damel gubug, sarta ngaub ing kono ngiras
ngentosi kapriye bakal kadadeane iku.

6 Pangeran Yehuwah banjur nukulake wit
jarak, kang ngungkuli mustakane Nabi Yunus,
satemah bisa ngeyubi lan dadi panglipuring
dukane. Nabi Yunus remen banget marga
saka anane wit jarak mau. 7 Nanging esuke,
nalika pletheking bangbang wetan Gusti Allah
ndhatengake uler kang nggeges wite jarak,
temah iku dadi alum. 8 Bareng srengenge wus
katon, Gusti Allah ndhatengake angin wetan
kang panas banget, temah sorote srengenge
mau gawe gerahe mustakane Nabi Yunus; Nabi
Yunus banjur ambruk lan ngajap supaya seda,
pangandikane: “Luwih becik aku mati bae
tinimbang urip.” 9 Ing kono pangandikane Gusti
Allah marang Nabi Yunus: “Anggonira nepsoni
wit jarak iku apa wis sabenere?” Unjuke Nabi
Yunus: “Inggih sampun saleresipun kemawon
anggen kawula nepsu ngantos dumugi pejah.”

10 Pangandikane Pangeran Yehuwah: “Sira
ngeman marang wit jarak, kang dudu
rumatanira lan iya dudu sira kang nukulake
iku, kang thukule sajrone sawengi lan alume
iya sajrone sawengi. 11 Apa iya Ingsun ora

kudu ngeman marang Niniwe, kutha kang gedhe iku, kang pendhudhuke luwih saka satus rongpuluh ewu, kang durung weruh bedane tangan tengen karo tangan kiwa, sarta kang kewane luwih dening akeh iku?”

MIKHA

Bebuka

1:1

1 [1] Iki pangandikane Pangeran Yehuwah
kang kadhawuhake marang Nabi Mikha
wong Moresyet, nalika jamane Sang Prabu
Yotam, Akhas lan Hizkia, para ratu ing Yehuda,
yaiku gegayutan karo anggone kaparingan
wahyu ing ngatase Samaria lan Yerusalem.

Pawarta bab paukumane Samaria

1:2-7

[2] He, sakehe para bangsa, padha
ngrungokna!
He, bumi dalah isine, padha nitenana,
Pangeran Yehuwah kareben dadi seksi ing
ngatase sira kabeh,
iya Pangeran, saka ing padalemane kang
suci.
[3] Dene lah Pangeran Yehuwah miyos saka ing
padalemane,
lan tumedhak ana ing gunung-gununging
bumi.
[4] Gunung-gunung padha ajer ana ing
sangisore sampeyane
lan lebak-lebak padha bengkah
kaya malam cedhak geni,

kaya banyu nggrojog ana ing udhun-
udhunan.
5 Iku kabeh kelakon marga saka panerake
Yakub,
lan saka dosane turune Israel.
Apa ta panerake Yakub iku?
Iku rak Samaria?
Dosane turune Yehuda iku apa ta?
Iku rak Yerusalem?
6 Mulane Samaria bakal Sundadekake
jugrugan ana ing ara-ara,
dadi pakebonan anggur,
watu-watune bakal Sunbuwangi ing lebak
lan dhasar-dhasare bakal Suneler.
7 Reca-recane bakal padha diremuk
lan sakehe pituwase laku bedhang bakal
padha kaobong,
lan sakehe brahalane bakal Sunsirnakake;
awitdene kabeh mau kaklumpukake srana
opahane laku bedhang,
mulane bakal bali dadi opahaning bedhang
maneh.

Sang Nabi ngadhuh-adhuh marga saka kaanane Yehuda lan Yerusalem

1:8-16

8 Awit saka kang mangkono iku aku arep
sesambat lan ngadhuh-adhuh,
arep lumaku tanpa trumpah lan wuda,
pangadhuhku bakal kaya pangadhuhe asu
alas,

sarta pasambatku kaya pasambate manuk
unta.
9 Sabab tatune Samaria ora bisa mari,
wus mremen nganti tekan ing Yehuda,
malah tekan ing gapurane bangsaku,
iya ing Yerusalem.
10 Aja kokwartakake menyang ing Gat,
aja nangis babar pisan,
kowe nglosoda ana ing lebu ing
Bet-Le-Afra.
11 He wong isine Safir, enggal mangkata,
kalawan wuda lan kawirangan.
Wong isine Zaanan
ora wani metu.
Pangadhuhe Bet-Haezel ngalang-alangi
angonmu
tetep ana ing kono.
12 Wong isine Marot kalawan mangu-mangu
ngarep-arep marang kabecikan,
marga ana bilai tumurun saka Pangeran
Yehuwah
tekan ing gapurane Yerusalem.
13 He wong isine Lakhis,
kretanira rakitana jaran teji.
Iki kang dadi wiwitaning dosa
tumrap putri ing Sion
amarga sira kanggonan
durakane Israel.
14 Mulane becik sira menehana ganjaran
pepisahan
marang Moresyet-Gat,
omah-omah ing Akhzib

bakal dadi kaculikan tumrap para raja ing Israel.
15 He wong isine Maresya,
Ingsun isih bakal nekakake juru nelukake marang sira,
kamulyane Israel
bakal nganti tekan ing Adulam.
16 Cukura lan gundhula,
marga saka anak-anakira kang padha sira tresnani!
Gundhul dikaya manuk garudha,
marga anak-anakira iku bakal padha kaparakake
menyang ing pambuwangan.

Ipat-ipat marang wong kang nindhes

2:1-11

2 1 Bilai wong kang padha ngrancang-ngrancang duraka,
lan kang ngrantam-rantam piala ana ing paturone;
sarta bareng esuk ditindakake,
marga prakara iku ana ing pangwasane;
2 kang manawa melik pategalan, iya tumuli ngrebut,
lan omah-omah, iya banjur disrobot bae,
kang ngroda-peksa wong dalah saisine omahe
wong satanah-pusakane.
3 Mulane Pangeran Yehuwah ngandika mangkene:

Lah Ingsun ngrancang bakal nekakake
bilai marang jinis iki,
lan sira padha ora bakal bisa nguwalake
gulunira saka iku,
sira padha ora bisa lumaku kalawan
angkuh maneh,
marga wektu iku wektu kang nyilakani.
4 Ing dina iku wong-wong bakal nglairake
unen-unen
lan kidung pangadhuh ing ngatase sira,
sarta bakal ngucap:
“Kita wus dilebur babar pisan!
Pandumane warisan bangsaku iku wus
kaukur nganggo tali,
lan ora ana wong kang mbalekake,
pategalan-pategalan kita diedum-edumake
marang wong kang padha nawan kita.”
5 Mulane bakal ora ana wong
kang nguncalake tali kalawan undhian
kanggo sira ana ing pasamuwane Sang
Yehuwah.
6 “Aja medhar wangsit,” mangkono celathune,
“wong ora nglairake wangsit kang kaya
mangkono iku!
Kita ora bakal oleh panajad.”
7 He, bani Yakub, apa bab iku kena
dikandhakake?
Apa Pangeran Yehuwah kurang sabar?
Apa kaya ngene pandamele?
PangandikaningSun iku rak becik
tumrap wong kang laku bener?
8 Nanging sira padha madeg dadi mungsuhe
umatingSun.

Sira padha ngrebut jubahe wong kang seneng rukun,
wong-wong kang padha liwat kalawan tentrem,
kang ora kepengin perang.
9 Para wong wadon panunggalane umatingSun,
iku padha sira tundhung
saka ing omah kang disenengi,
sarta rerengganing bayi-bayine peparingingSun,
padha sira jupuk kanggo ing salawase.
10 Ngadega, budhala,
awit ing kene iki dudu papan palereman kanggo sira!
Marga saka kanajisan sira banjur bakal padha ketaman ing karusakan,
malah karusakan kang ora kena dipulihake.
11 Manawa ana wong kang pinter ngothak-athik lan apus-apus, ngucap:
"Aku medhar wangsit marang kowe bab anggur lan badheg,"
iku kang pantes dadi wong kang medhar wangsit tumrap bangsa iki.

Prajanji bab kaslametan

2:12-13

12 He Yakub, Ingsun mesthi bakal nglumpukake sira kabeh,
lan iya mesthi bakal nglumpukake kekarene Israel;

Sunklumpukake dadi siji kaya wedhus kang
ana ing kandhang,
kaya pepanthan ana ing satengahe
pangonan,
temah kaanan banjur dadi rame dening
kehing wong.
13 Juru panrobos bakal lumaku ana ing
ngarepe;
padha nrobos lan liwat ing gapura lan
bakal metu saka ing kono.
Ratune bakal tindak terus ana ing ngarepe,
sarta Pangeran Yehuwah piyambak tindak
ana ing pucuke pabarisan!

Nglawan marang pemimpin lan nabi palsu ing Israel

3:1-12

3 1 Pituturku mangkene: Padha ngrungokna
ta,
he, para panggedhene Yakub,
lan para pemimpine turune Israel.
Rak wus sabenere sira sumurup ing kaadilan,
2 he, sira kang padha sengit marang
kabecikan
lan dhemen marang piala?
Wong iku padha ngeleti bangsaku
lan mbeseti daginge saka ing balung-
balunge;
3 padha mangan daginge bangsaku,
padha ngeleti kulite saka ing badane,
padha ngremuk balung-balunge

lan nengkel-nengkel kaya daging ing
kuwali,
lan kaya iris-irisan daging ing jero
kenceng.
4 Nuli bakal padha sambat-sambat dhewe
marang Pangeran Yehuwah,
nanging ora bakal disembadani.
Panjenengane malah nutupi wadanane ing
ngatase wong-wong mau ing wektu iku,
marga ala panggawe-panggawene.
5 Mangkene pangandikane Pangeran Yehuwah
tumrap para nabi
kang nasarake bangsaku,
kang padha ngundhangake tentrem-rahayu,
samangsa oleh kang kena dipangan,
dene marang wong kang ora menehi apa-apa
ing cangkeme,
banjur ngumumake perang.
6 Mulane rina bakal dadi wengi tanpa wahyu
tumrap sira,
lan dadi peteng tanpa tenungan.
Para nabi mau bakal padha kasurupan
srengenge,
sarta raina bakal dadi peteng surem
tumrap wong-wong iku.
7 Para wong sidik bakal padha kawirangan,
lan para juru tenung bakal padha kisinan,
kabeh bakal padha nutupi raine,
marga Gusti Allah ora paring wangsulan.
8 Nanging aku iki kebak ing bab kekuwatan,
Rohe Pangeran Yehuwah,
sarta kaadilan lan kasantosan,

kanggo ngelingake marang Yakub bab panerake
lan marang Isarel bab dosane.
9 He, para panggedhene bani Yakub
lan para pemimpine turune Israel, padha ngrungokna!
He, sira kang padha ewa marang kaadilan
sarta kang nbengkokake samubarang kang lenceng,
10 he, sira kang padha yasa Sion kalawan getih
sarta Yerusalem kalawan daksiya!
11 Para panggedhene anggone ngadili marga saka besel,
lan para imane anggone mulang marga saka bayaran
para nabine anggone nenung marga saka dhuwit,
mangka padha sumendhe marang Sang Yehuwah kalawan pangucape:
“Pangeran Yehuwah rak ana ing satengah kita!
Kita ora bakal katekan bilai!”
12 Kang iku marga saka sira
Sion bakal diwluku kaya pategalan
lan Yerusalem bakal dadi jugrugan,
sarta gunungе Padaleman Suci bakal dadi gunung kang kasasaban ing alas.

Sion dadi pusering kratone katentreman

4:1-5

4 [1] Ing dina-dina kang wekasan bakal kelakon,
gununge padalemane Pangeran Yehuwah
bakal ngadeg jejeg ngungkuli gunung-gunung,
sarta munggut dhuwur ngungkuli tengger-tengger,
para bangsa bakal padha gumrudug mrone,
[2] lan akeh suku bangsa kang padha budhalan kalawan ngucap:
“Payo padha munggah marang gununge Sang Yehuwah,
marang padalemane Gusti Allahe Yakub,
supaya padha kaparingana pitedah bab margi-margine,
sarta supaya kita padha ngambah ing lurung-lurunge,
marga saka Sion bakal ana pituduh,
lan saka ing Yerusalem bakal ana pangandikane Pangeran Yehuwah.”
[3] Panjenengane bakal jumeneng dadi Hakim ana ing antarane para bangsa,
sarta bakal ndhawahake putusan tumrap para bangsa kang gedhe,
nganti tekan panggonan kang adoh;
pedhang-pedhange padha digembleng kadadekake kejen,
lan tumbake kagawe arit;

bakal ora ana maneh bangsa kang
ngacungake pedhang marang bangsa
liyane,
lan wus ora ana wong kang padha ajar
perang.
4 Nanging wong-wong mau siji-sijine bakal
lungguh ana ing sangisore wite anggur
dhewe,
lan ana ing sangisoring wite anjir dhewe
lan ora ana wong kang gawe kagete,
marga lesane Pangeran Yehuwah
Gustine sarwa tumitah kang ngandika
mangkono.
5 Sanadyan sakehe bangsa iku siji-sijine
padha lumaku
klawan nganggep allahe dhewe-dhewe,
nanging kita bakal lumebu klawan nganggep
asmane Pangeran Yehuwah Allah kita,
nganti salawas-lawase lan ing sateruse.

Putri Sion kapitulungan

4:6--5:1 (4:6-14)

6 Pangandikane Sang Yehuwah: Ing dina iku
Ingsun bakal nglumpukake wong kang
padha pincang
lan nglumpukake kang pating blesar
apadene kang wus Sundhawahi bilai.
7 Kang pincang bakal Sundadekake lajering
turun
lan kang katundhung dadi bangsa kang
santosa,

apadene Pangeran Yehuwah bakal jumeneng
dadi ratune ana ing gunung Sion,
wiwit samengko nganti ing salawas-lawase.
8 Anadene sira, he, Manaraning-Pepanthan
Wedhus,
he, tenggere putri ing Sion,
sira bakal katekanan
lan kawengku maneh dening paprentahan
kang dhisik,
yaiku keprabone putri ing Yerusalem.
9 Lah saiki, yagene ta sira padha sesambat
kalawan sora?
Apa ora ana ratu ing tengahira?
Utawa penasehatira apa wis padha tumpes,
dene sira nganti ngrasakake lara kaya
wong wadon kang lagi nglarani?
10 He putri Sion, polaha lan ngadhuh-adhuha,
kaya wong wadon kang nglarani!
Marga saiki sira kapeksa metu saka ing kutha
lan manggon ana ing ara-ara;
sira kapeksa lumaku tekan ing Babil,
ana ing kana anggonira bakal kapitulungan,
iya ana ing kana Pangeran Yehuwah anggone
ngluwari sira
saka ing tangane mungsuhira.
11 Saiki akeh bangsa
kang padha manunggal nglawan marang
sira,
klawan pangucape: "Kareben dheweke
dinajisake,
mripat kita kareben bisa nyawang marang
Sion nganti katog!"

12 Nanging wong iku padha ora sumurup kang dadi rancangane Pangeran Yehuwah;
padha ora ngreti kang dadi putusane,
manawa Panjenengane bakal nglumpukake para umat mau
kaya gedhengan gandum kang kagawa marang panuton.
13 He, putri Sion, tumandanga lan nutua,
marga sungunira bakal Sundadekake kaya wesi,
lan kukunira Sundadekake kaya tembaga,
satemah sira bakal ngremuk bangsa akeh,
lan jarahane bakal sira mligekake kagem Sang Yehuwah,
sarta kasugihane kagem Pangeraning salumahe bumi.

5 1 (4-14) Saiki sira kudu ngedegake balowarti;
wong-wong wus padha gawe pager pangepungan kanggo nglawan marang kita;
pipine kang mrentah Israel
digebugi dening wong-wong mau kalawan teken.

Rawuhe Sang Mesih sarta luware Israel

5:2-15 (5:1-14)

2 (5-1) Anadene sira, he, Betlehem ing Efrata,
sanadyan sira kalebu cilik ana ing antarane turune Yehuda,
saka sira bakal miyos lumadi marang Ingsun,

wong kang bakal ngereh Israel;
kang wus ana wiwit ing jaman purwa,
wiwit ing jaman kuna.
3 (5-2) Mulane bangsa iku mung arep ditogake bae nganti tumeka wektune
wanita kang pinesthi mbabar putra wus kelakon mbabar,
nuli kekarening para sadulure
bakal padha bali nunggal karo wong Israel.
4 (5-3) Panjenengane bakal tumindak lan ngengen wong-wong mau kalawan ngagem pangwasane Pangeran Yehuwah,
iya kaluhuraning asmane Sang Yehuwah Allahe;
wong-wong bakal padha manggon kalawan tentrem,
marga samengko Panjenengane iku dadi luhur nganti tekan ing pungkasane bumi;
5 (5-4) sarta Panjenengane bakal dadi kang kadunungan tentrem-rahayu.
Samangsa Asyur lumebu ing nagara kita,
sarta ngambah ing tanah kita,
nuli kita padha ngadegake pangon pitu kang nglawan,
malah pemimpin wolu kang asipat manungsa.
6 (5-5) Iku bakal padha nyukur nagara Asyur kalawan pedhang,
lan nagarane Nimrod srana pedhang ligan,
sarta bakal nguwalake kita saka ing Asyur
samangsa dheweke lumebu ing tanah kita

sarta ngambah ing tlatah kita.
7 (5-6) Anadene kekarene Yakub bakal
dumunung ing antarane bangsa akeh,
kaya ebun saka Sang Yehuwah,
kaya tetesing udan ing thethukulan,
kang ora njagakake marang wong,
lan ora ngarep-arep marang anaking manungsa.
8 (5-7) Apadene kekarene Yakub iku bakal ana ing antarane para suku bangsa, lan ing tengahe para bangsa akeh,
kaya singa ana ing antarane sato alas,
kaya singa nom ana ing tengahe pepanthan wedhus;
menyanga ngendi bae parane,
mbanting lan nubruk,
lan ora ana kang bisa nguwalake.
9 (5-8) Tanganmu bakal ngungkuli para lawanmu,
sarta sakehe mungsuhmu bakal katumpes.
10 (5-9) Pangandikane Sang Yehuwah:
Ing dina iku bakal kelakon,
Ingsun bakal mbengkas jaranira saka ing tengahira,
lan bakal ngrusak kretanira.
11 (5-10) Ingsun bakal nyirnakake kutha-kuthane nagaranira,
sarta betengira bakal padha Sungempuri.
12 (5-11) Ingsun bakal nyirnakake pirantinira sihir,
lan juru tenung bakal ora ana maneh ing tengahira.
13 (5-12) Mangkono maneh reca-recanira,

apadene tugu-tugu branalanira
bakal Sungempur saka ing tengahira,
temah sira bakal ora sujud maneh
marang gegaweaning tanganira.
14 (5-13) Dalah saka-sakanira brahala bakal Sunbedholi saka ing tengahira,
lan brahalanira bakal Sunsirnakake.
15 (5-14) Wasana para bangsa
kang ora ngestokake dhawuhingSun,
bakal Sunwales kalawan bebendu lan bramatya.

Palapuran, pepundhutan lan paukumane Pangeran Yehuwah marang umate

6:1-16

6 1 Padha ngrungokna kang dadi pangandikane Pangeran Yehuwah:
Ngadega, lapura nganti gunung-gunung padha krungu,
lan tengger-tengger kareben krungu swaranira!
2 He gunung-gunung, rungokna tan-trimahe Sang Yehuwah,
lan padha ngrungokna, he, dhasar-dhasaring bumi!
Marga Pangeran Yehuwah tan-trimah ing ngatase umate,
sarta prakawisan karo Israel.
3 "He, umatingSun, apa kang wus Suntandukake marang sira?
AnggoningSun damel keselira srana apa?

Mara ngunjukana wangsulan marang
Ingsun!
4 Awitdene sira rak wus Sunentasake saka
ing tanah Mesir,
Sunluwari saka ing pangawulan
sarta Ingsun rak wus ngutus Musa lan Harun,
sarta Miryam minangka pangarepira?
5 He umatingSun, padha elinga apa kang
karancang
dening Balak, ratu ing Moab,
lan kapriye kang dadi wangsulane
Bileam bin Beor,
tuwin apa kang kelakon wiwit saka ing Sitim
nganti tekan ing Gilgal,
supaya sira ngakonana pandamel-
pandameling Yehuwah kang adil."
6 "Kalawan sesaosan apa anggonku lunga
sowan ing ngarsane Pangeran Yehuwah,
lan anggonku sujud marang Gusti Allah
kang Mahaluhur?
Anggonku sowan ing ngarsane apa kalawan
nyaosi kurban obaran,
kalawan pedhet kang umur setaun?
7 Apa wedhus gembel lanang ewon
lan kalen lenga leksan ndadekake
keparenge sang Yehuwah?
Apa anakku pembarep daksaosake marga
saka panerakku,
sarta wohing wetenganku marga saka
dosaku dhewe?"
8 He manungsa, kowe wus kaparingan
sumurup apa kang becik,

lan apa kang dadi pepundhutane Pangeran
Yehuwah marang kowe:
kajaba mung tumindak adil,
lan tresna marang laku setya,
apamaneh andhap-asor ana ing ngarsane
Allahmu!”
9 Rungokna, Pangeran Yehuwah nguwuh
marang kutha:
-- wedi marang asmane iku kawicaksanan.
--
“Padha ngrungokna, he, talering bangsa lan
wong kutha!
10 Ingsun mangsa kasupena marang
raja-brana kang saka kadursilan ing
omahe wong duraka,
lan marang takeran efa kang cidra sarta
kang kena ing ipat-ipat iku!
11 Apa iya Ingsun kendel bae ora paring
paukuman
marang wong kang nggawa traju palsu,
utawa kanthong isi watu timbangan kang
cidra?
12 Wong-wong sugih ing kutha iku padha
kebak panganiaya,
wong kang manggon ing kono padha
ngucapake paracidra,
sarta ilate ing cangkeme iku tukang ngapusi.
13 Mulane sira Sungebagi,
sira Sundamel samun marga saka dosanira
14 Sira bakal mangan, nanging ora bisa dadi
wareg,
sarta wetengira ajeg ngamuk marga luwe;
sira bakal nyingkirake apa-apa,

nanging ora bisa nyimpen,
sarta sapira kang sira simpen,
iku bakal Sunulungake marang pedhang.
15 Sira bakal nyebar wiji, nanging ora ngundhuh,
bakal meres woh jaitun,
nanging ora bisa nganggo lengane;
lan iya mipit woh anggur,
nanging ora ngombe anggure.
16 Awitdene pranatane Omri kang sira tetepi,
sarta pokale brayate Akhab kang sira tiru,
apadene rancangane kang sira tindakake:
satemah sira Sundadekake samun,
lan para wongira Sundadekake poyokan;
kalawan mangkono sira bakal nyangga panacading para bangsa."

Mrosoting wewatekane Israel

7:1-6

7 1 Adhuh cilaka aku iki!
Awit kaananku kaya samangsa ngundhuh woh-wohan ing mangsa ketiga,
utawa kaya samangsa ngasag woh anggur,
ora oleh woh anggur kang kena dipangan,
utawa woh anjir kang daksenengi.
2 Wong mursid wus sirna saka ing nagara,
lan ing antarane para manungsa wus ora ana kang jujur,
kabeh padha ngincer getih,
siji lan sijine padha genten ngarah nyekel srana kalajiret.
3 Tangane padha agahan nindakake piala,

panggedhe memundhut
lan hakim ngarah besel;
para panggedhe padha damel putusan
sakarsa-karsane,
lan angger-angger padha dienggak-
enggokake.
4 Panunggalane kang becik dhewe ing
antarane iku kaya grumbul eri,
kang jujur dhewe ing antarane kaya pager
eri,
dinane pangincermu, dina tibaning
paukumanmu wus cedhak,
saiki bakal wiwit ana pagiris ing antarane
wong-wong iku.
5 Aja ngandel marang mitra,
aja pasrah marang kanca,
jaganen lawanging cangkemmu
tumrap wong wadon kang leyeh-leyeh ing
pangkonmu.
6 Dene anak lanang ngremehake bapakne,
anak wadon nglawan biyunge,
mantu wadon nglawan maratuwane wadon,
kang dadi mungsuh iku wong-wong kang
tunggal saomah.

Pangarep-arep tumrap Sion

7:7-13

7 Nanging aku bakal ngarep-arep marang
Pangeran Yehuwah,
nganti-anti marang Gusti Allah kang paring
karahayon marang aku,
Allahku mesthi bakal nyembadani aku!

8 He mungsuhku, aja bungah-bungah ing ngatase aku!
Sanadyan aku tiba, mesthi bakal ngadeg maneh,
dadia linggih ana ing pepeteng pisan,
Pangeran Yehuwah bakal dadi pepadhangku.
9 Aku bakal nyangga bebendune Sang Yehuwah,
awit aku wus gawe dosa marang Panjenengane,
nganti Panjenengane ngrampungake prakaraku,
sarta paring adil marang aku,
aku bakal katuntun menyang pepadhang,
satemah aku bakal ngrasakake kaadilane.
10 Mungsuhku bakal nyipati iku,
satemah bakal nutupi raine kalawan nandhang wirang,
kang duwe ujar marang aku:
"Ana ing ngendi Pangeran Yehuwah Allahmu?"
Mripatku bakal nyawang
anggone wong iku kaidak-idak kaya blethok ing lurung.
11 Bakal tumeka ing titi-mangsane balowartimu bakal kabangun maneh,
ing dina iku wewengkonmu bakal kajembarake.
12 Ing dina iku wong bakal ngadhep marang kowe,
wiwit wong kang saka Asyur nganti tekan kang saka ing Mesir,

lan wiwit saka ing Mesir nganti tekan ing
bengawan Efrat,
saka sagara kang siji tekan sagara sijine,
sarta wiwit ing gunung kang siji tekan ing
gunung sijine.
13 Nanging bumi bakal dadi ludhes marga
saka kang ngenggoni,
iku wohe panggawene.

Pandonga nyuwun supaya tumindak lan paring kawelasan

7:14-20

14 Paduka mugi karsaa ngengen umat Paduka
klayan teken Paduka,
inggih menda kagungan Paduka piyambak,
ingkang sami kepencil manggen ing wana,
ing satengahing kebon wowohan,
mugi sami nyengguta wonten ing Basyan lan
ing Gilead,
kados nalika ing jaman rumiyin.
15 Kados nalika Paduka miyos saking Mesir,
kawula mugi sami kaparingana sumerep
bab kaelokan-kaelokan!
16 Para bangsa bakal padha nyawang,
lan banjur rumangsa isin,
marga saka sakehe kakuwatane,
cangkeme cikben ditutupi tangan
lan kupinge cikben dadi budheg.
17 Kareben padha ndilat lebu kaya ula,
kaya kewan kang gumremet ing bumi;
kareben padha metu saka ing betenge
kalawan giris,

sarta padha sowan marang ing ngarsane
Pangeran
Yehuwah Allah kita, kalawan gumeter,
kalayan ajrih dhateng Paduka.
18 Allah ingkang pundi ingkang nyameni
Paduka,
ingkang ngapunten dosa,
saha ingkang ngapunten panerakipun
kekantunaning bangsa kagunganipun
piyambak:
ingkang boten saged tahan dhateng
bebendunipun ing salajengipun,
nanging ingkang rena dhateng sih-
palimirma?
19 Panjenengane bakal paring kawelasan
maneh marang kita,
lan nglebur kaluputan-kaluputan kita,
sarta mbucal sakehing dosa kita,
menyang ing telenging sagara.
20 Paduka mugi karsaa ngatingalaken
kasetyan Paduka dhateng Rama Yakub,
saha sih-palimirma Paduka dhateng Rama
Abraham
kados ingkang sampun Paduka
prasetyakaken
klayan supaos dhateng para leluhur kawula
wiwit ing jaman kina!

NAHUM

Bebuka

1:1

1 [1] Wangsit tumrap Niniwe. Kitab bab wahyune Nabi Nahum, wong Elkosy.

Bebendune Pangeran Yehuwah

1:2-8

[2] Pangeran Yehuwah iku Allah kang
butajengan lan pemales,
Pangeran Yehuwah iku pemales sarta
kebak bebendu kang mulad-mulad,
Pangeran Yehuwah paring piwales marang
para satrune,
sarta terus bae dukane marang para
mengsahe.
[3] Pangeran Yehuwah iku gedhe sabare lan
pinunjul pangwaose,
nanging ora pisan-pisan wong kang salah
linuputake saka ing paukuman.
Panjenengane tindak ana ing sajroning lesus
lan prahara,
sarta mendhung iku lebuning sampeyane.
[4] Sagara didukani temah dadi asat,
lan sakehe kali padha kadadekake garing,
Basyan lan Karmel padha dadi nglayung
tetuwuhan ing Libanon padha alum.

5 Gunung-gunung padha gumeter ana ing
ngarsane,
lan tengger-tengger padha leleh.
Bumi dadi sepi mamring ana ing ngarsane
dalah jagad lan kang padha ngenggoni
kabeh.
6 Sapa kang kuwat nadhahi bebendune?
Sarta sapa kang bisa tetep ngadeg jejeg
samangsa mulad-mulad bebendune?
Bramatyane kaesokake kaya geni,
tuwin gunung parang nganti padha jugrug.
7 Pangeran Yehuwah iku asih-darma,
dadi papan pangungsen ing dina
karubedan;
Panjenengane uninga marang para wong
kang ngungsi marang Panjenengane
8 sarta nyabrangake wong-wong iku nalika
pinuju banjir gedhe.
Nanging numpes nganti tapis
wong kang padha nglawan Panjenengane,
tuwin para mungsuhe padha kagiring
kaparakake marang pepeteng.

Pangandikane Sang Yehuwah marang Yehuda lan marang Niniwe

1:9--2:2

9 Apa karepmu nglawan marang Sang
Yehuwah iku?
Panjenengane bakal nyirnakake babar
pisan;
para mungsuhe ora bakal bisa ngadeg
maneh.

10 Sabab wong-wong iku bakal sirna kaya eri
kang bulet-buletan,
bakal kamangsa nganti entek kaya dami
kang garing.
11 Saka ing sira rak jumedhul
wong kang ngrancang-ngrancang piala
nglawan marang Sang Yehuwah,
sarta kang aweh pitutur kadursilan, ta?
12 Mangkene pangandikane Pangeran
Yehuwah:
“Sanadyan wong-wong iku wutuh lan akeh
banget cacahe,
ewasamono bakal padha sirna kababatan
lan mati.
Sanadyan Ingsun wus ngesorake sira,
nanging sira ora bakal Sunesorake maneh.
13 Saiki Ingsun bakal mutung pasangane
kang ngebot-eboti sira,
lan Ingsun bakal medhoti blenggu-blenggu
kang mbanda sira.”
14 Tumrap kowe, Pangeran Yehuwah ngandika
mangkene:
“Ora ana turun kang bakal nganggo jenengira
maneh;
sakehe recanira ukiran lan cor-coran
bakal padha Sunsirnakake saka ing papane
allahira.
Ingsun bakal nyawisake kuburanira, awit
sira iku asor.”
15 Delengen! Ing gunung-gunung
ana wong kang lumaku lan nggawa
pawarta,
kang martakake kabar tentrem-rahayu.

He Yehuda, dinamu gedhe riyayakna,
punagimu tetepana!
Amarga wong dursila ora bakal
teka lan nempuh marang kowe maneh;
awit wus katumpes babar pisan!

2 1 Lah ana juru pangrusak kang nekani
kowe,
nganakna pajagan ana ing beteng
ngungaka ing dalan,
lambungira sabukana kang kenceng,
nglumpukna sakehe kekuwatan!
2 Lah Sang Yehuwah mbangun maneh
kaluhurane Rama Yakub,
kaya kaluhurane Rama Israel,
amarga wus karusak dening juru pangrusak
epange wus padha kasempalan.

Mungsuh ngrusak Niniwe

2:3-13

3 Tamenge para pahlawane warnane abang,
para prajurite padha manganggo abang
jingga,
kretane abyor mengangah kaya geni suluh
ing dina anggone karakit;
sarta jaran-jaran padha katon goreh.
4 Kretane mbalap ana ing dalan,
ana ing papan tenggar susul-sumusul,
katone kaya obor,
playune kaya kilat.
5 Wadya-bala kang pinunjul diangkatake,
nanging padha tiba kejengklok nalika lagi
maju,

padha mlayoni baluwartining kutha kalawan
kesusu,
dene piranti kanggo njebol wus kaedegake.
6 Gapura-gapuraning kali-kali wus padha
kabukak,
sarta kedhatone banjur geger.
7 Sang Prameswari digawa metu lan dilukari,
lan para abdine wadon padha nggluruh
kaya pambekuring manuk dara,
klawan tebah-tebah dhadha.
8 Niniwe dhewe iku prasasat kaya blumbang
kang banyune mili metu.
Ana wong kang nguwuh-uwuh:
“Mandhega, mandhega!”
nanging ora ana kang noleh.
9 Padha ngrayaha salaka, ngrayaha mas,
awit tanpa wilangan simpenane raja-brana,
prabot-prabot kang endah kehe ora
karuwan.
10 Wus ludhes, pandhes, nandhes!
Ati nglentrih, dhengkul oklak-aklik,
lambunge gumeter kabeh,
raine wong kabeh padha pucet tanpa
guwaya.
11 Ana ing ngendi ta pandhelikane singa
lan guwane singa-singa nom,
panggonane singa klinteran,
papaning anak singa, kang ora kaganggu-
gawe dening wong?
12 Singa iku lumrahe ndedekep kanggo
nyukupi pangane anak-anake,
lan nekak memangsan kanggo sing wadon,
sarta ngebaki guwane kalawan pangan

lan pandhelikane kalawan dedekepane.
13 Pangandikane Pangeran Yehuwah,
Gustining sarwa tumitah:
“Lah! Ingsun bakal nglawan marang sira,
nuli sakehe kretanira bakal Sunobong
nganti dadi kukus,
lan singanira nom bakal padha kamangsa
ing pedhang nganti entek;
sarta memangsanira bakal
Sunsirnakake saka ing
bumi,
swarane para kongkonanira bakal ora
keprungu maneh.”

Paukuman tumrap Niniwe

3:1-19

3 1 Bilai kutha kang ngwutahake getih iku!
Samubarang kabehe mung cidra thok,
lan kebak panjarah-rayah,
lan ora leren-leren anggone ndedekep?
2 Rungokna cumethering pecut lan
gumledheging rodha,
rungokna playuning jaran kang pating
kethoplak lan gumenjoting kreta-kreta!
3 Bala jaranan nempuh
pedhange cumleret
lan tumbake gumebyar!
Akeh kang padha mati, jisim
tumpukundhung,
tanpa wilangan cacahe jisim,
wong-wong nganti padha kesandhung ing
jisim!

4 Iku kabeh marga saka akehe pasundelan
kang katindakake dening wong wadon
tuna-susila,
kang endah warnane lan ahli sihir,
kang ngloropake bangsa-bangsa srana
anggone laku jina,
lan golongan-golongan srana sihire.
5 Pangandikane Pangeran Yehuwah Gustining
sarwa dumadi:
“Lah Ingsun bakal nglawan marang sira,
pojoking jaritira bakal Sunlingkabake nganti
tekan ing rainira,
sarta bakal mitontonake wewadinira
marang bangsa-bangsa,
lan kawiranganira marang karajan-
karajan.
6 Ingsun bakal ngebyuki sesuker marang
sira,
sira bakal Sunanggep remeh
lan Sundadekake tontonan.
7 Nuli sakehe wong kang ndeleng sira,
bakal lumayu ninggal sira, kalawan
ngucap:
“Niniwe wus rusak!
Sapa kang mesakake marang dheweke?
Saka ngendi anggonku oleh juru-panglipur
kanggo dheweke?”
8 Apa sira kinacek karo Tebe, kuthaning Dewa
Amon,
kang ana ing sacedhake bengawan Nil
kang kinubengan ing banyu,
kang baluwartine sagara,
lan betenge banyu?

9 Etiopia iku dadi sumbering kakuwatane,
uga Mesir, kalawan tanpa wates;
Put sarta para wong Libia padha dadi
pambantune.
10 Nanging iku dhewe uga kapeksa
kaparakake menyang ing pambuwangan,
kapeksa padha lumebu ing tawanan.
Bayi-bayine padha dikeplekake
ana ing pojoking sakehe lelurung,
para wong kang kajen keringan padha
kaundhi,
lan para panggedhene padha kablenggu
kabeh nganggo rante.
11 Sira uga bakal mendem,
lan bakal padha tanpa daya;
sira uga bakal ngupaya papan pangungsen
marga saka ananing mungsuh.
12 Sakehe betengira iku kaya wit anjir
kang wohe mateng kedadak;
samangsa dierog, wohe nibani
cangkeme wong kang arep mangan.
13 Lah, bala kang ana ing satengahira iku
wadon-wadon;
mungsuhira padha kawenganan
ing gapurane nagaranira nganti njeblag,
slarake padha kamangsa ing geni nganti
entek.
14 Padha ngangsua banyu, kanggo cepakan
samangsa dikepung,
betengira padha santosanana!
Ngidaka blethok,
ngidaka lempung,
gondhelana cithakan bata!

15 Sira bakal entek kamangsa ing geni ana ing kana,
bakal katumpes ing pedhang,
kang mangsa sira kaya walang lumpatan.
Sanadyan cacahira akeh kaya walang lumpatan,
lan kaya walang alih-alihan,
16 sanadyan wongira dagang sira dadekake akeh
ngluwihi lintang-lintang ing langit pisan,
wong-wong iku bakal padha kaya walang lumpatan kang ngegarake swiwine nuli mabur nggeblas.
17 Sanadyan wongira kang padha jaga cacahe kaya walang alihan
lan para punggawanira kaya walang grombolan
kang padha mencok ing tembok-tembok
ing mangsa atis,
nanging bareng srengenge mlethek,
banjur padha ngilang,
ora kasumurupan panggonane.
18 He, raja ing nagara Asyur, cilaka sira!
Para pangonira wus padha turu kepati!
Para pangarepira padha keturon,
wadya-balanira padha pating slebar
ana ing gunung-gunung, lan ora ana kang nglumpukake.
19 Cacadira iku ora ana tambane,
lan tatunira wus ora bisa mari,
sakehe wong kang krungu bab kaananira,
padha keplok-keplok marga saka sira iku,
awit sapa bae kang ora ketaman ing

pialanira terus-terusan?

HABAKUK

Bebuka

1:1

1 [1] Wangsit kang katingalan dening Nabi
Habakuk.

Pasambate Nabi Habakuk marga saka anggone wong-wong ora padha setya

1:2-4

[2] Dhuh Yehuwah, taksih pinten dangunipun
malih anggen kawula sambat-sambat,
nanging Paduka boten midhangetaken;
kawula nguwuh-uwuh dhumateng Paduka:
“Wonten panganiaya!”, nanging Paduka boten
mitulungi? [3] Punapaa dene Paduka nedahaken
piawon dhateng kawula, satemah kawula
ningali tindak ambeksiya? Panganiaya saha
pangroda-peksa wonten ing ngajenging
mripat kawula; paben saha pasulayan ingkang
tumuwuh. [4] Pramila angger-angger lajeng
ical kakiyatanipun, saha kaadilan boten nate
jumedhul, margi tiyang mursid kinepang
dening tiyang duraka, njalari medalipun
kaadilan kwalik.

Paukuman kang katibakake dening wong Kasdim

1:5-11

5 Padha mawasa lan nggatekna ana ing
antarane para bangsa, gumuna lan padha
njengera, dene Ingsun nindakake sawijining
pakaryan ing jamanira kang manawa
kawartakake marang sira, sira mesthi ora
ngandel. 6 Dene lah Ingsun kang nenangi
wong Kasdim, bangsa kang ambek-siya lan
cukat tandange, kang ndlajahi garis-garising
lintang bumi, arep ngejegi papan padunungan
kang dudu duweke. 7 Bangsa iku medeni lan
nggegirisi, pangadilan lan kaluhurane iku asale
saka awake dhewe. 8 Jarane cukate ngungkuli
macan tutul, lan girase ngungkuli asu ajag
ing wayah bengi; wadya-balane jaranan teka
sesanderan saka ing panggonan adoh, nganti
kaya mabur memper manuk garudha kang
nyamber memangsan. 9 Bangsa iku kabeh
padha nglurug arep nandukake panganiaya,
panempuhing cucuking barisane kaya angin
saka ing wetan, sarta padha nglumpukake
tawanan kang kehe kaya wedhi. 10 Para raja
padha dipoyoki lan para panggedhe padha
digeguyu; saben beteng digeguyu, diurugi
lemah lan banjur karayud. 11 Banjur padha
mlayu-mlayu rikate kaya sumiyuding angin,
terus bablas; kaya mangkono anggone padha
nindakake panggawe kang luput kalawan
ndewa-dewa marang kakuwatane.

Kaadilaning Yehuwah iku ana ing ngendi?

1:12-17

12 Dhuh Yehuwah, Paduka punika sampun
wiwit rumiyin mila rak Gusti Allah kawula,
Ingkang Mahasuci? Kawula boten badhe sami
pejah. Dhuh Yehuwah, bangsa punika Paduka
patah supados ndhawahaken paukuman.
Dhuh, Sang Redi Parang, bangsa punika
sampun Paduka tamtokaken supados niksa.
13 Paduka, ingkang paningal Paduka margi
saking sangeting sucinipun lajeng boten
karsa mirsani piawon saha ingkang boten
mentala mirsani panganiaya, kenging punapa
dene Paduka ngudaneni dhateng tiyang
ingkang sami lampah cidra, saha lajeng kendel
kemawon, samangsa tiyang duraka nguntal
dhateng sesaminipun ingkang ngungkuli
kautamenipun? 14 Punapa dene Paduka
karya manungsa punika kok kados ulam ing
saganten, utawi kados kewan gumremet
ingkang tanpa paprentahan? 15 Manungsa
wau sadaya dipun sendhal klayan pancing,
dipun cepeng kaliyan jaringipun, sarta dipun
klempakaken mawi jalanipun, ndadosaken
bingah lan giyak-giyakipun tiyang duraka
wau. 16 Mila jaringipun dipun sajeni kurban,
sarta jalanipun dipun sajeni kurban obaran;
awit pirantos-pirantos punika ingkang njalari
angsal-angsalanipun kathah lan rejekinipun
tirah-tirah. 17 Punapa punika ingkang njalari

lajeng tansah nyepeng pedhang ligan saha
lajeng mejahi bangsa-bangsa tanpa welas?

Wong kang bener bakal urip marga saka pracayane

2:1-5

2 1 Dakngadeg ana ing pangungakan lan
mapan ana ing menara, aku arep niliki lan
ngadhang-adhang marang apa kang bakal
dadi pamangsite marang aku, lan kapriye
paring wangsulane tumrap pasambatku.
2 Ing kono Pangeran Yehuwah banjur paring
wangsulan marang aku mangkene: "Wahyu
iku sira tulisana, kacathetana kang cetha
ana ing papan-papan, supaya kenaa diwaca
dening wong kang liwat. 3 Dene wahyu iku isih
ngenteni mangsa kang kapesthekake, nanging
enggal tumuju marang ing wekasane lan ora
bakal nyidrani manawa randhat, etenana,
marga iku mesthi bakal teka, ora bakal
sumene. 4 Satemene wong kang kumenthus,
iku atine ora burus, nanging wong kang
bener iku uripe awit saka pracayane. 5 Wong
kang gumunggung lan umuk, iku mesthi ora
bisa lestari; iku ngangapake cangkeme kaya
jagading wong mati, lan ora bisa wareg-wareg
kaya si pati, nganti sakehe suku bangsa
padha diklumpukake lan sakehe bangsa padha
digiring menyang ing ngarepe."

Paukuman tumrap para kang nindhes

2:6-20

6 Kabeh mau rak bakal padha ngucapake
bebasan ing ngatase dheweke, sarta lagu
pangerang-erang tuwin padha nyemoni
mangkene: Bilai wong kang ngrayud kang
dudu duweke, -- nganti pira lawase iku? -- lan
kang ngemoti barang gadhen pirang-pirang
marang awake dhewe? 7 Rak bakal kanthi
dadakan anggone ana wong-wong kang padha
ngadeg lan nyakot sira, lang kang padha
tangi sarta ngagetake sira, satemah sira
banjur dadi bandhangane? 8 Awitdene sira
wus njarah-rayahi suku bangsa akeh, mulane
kekarene bangsa-bangsa iku bakal padha
genten njarah-rayahi sira, marga saka getihing
manungsa kang wus wutah iku lan marga
saka panganiaya marang ing nagara, kutha
lan sakehe wong kang manggon ing kono.
9 Bilai wong kang ngarah bathi kang
ora bakal kanggo kaperluaning brayate;
sumedya mrenahake susuhe ana ing papan
kang dhuwur, supaya bisa oncat saka ing
cangkeremaning bilai. 10 Sira wus ngrancang
kawirangan tumrap kulawarganira, yaiku
nalika sira duwe karep arep numpes bangsa
akeh; kalawan mangkono sira wus kelangan
nyawanira. 11 Marga watu-watu padha sambat
saka ing tembok, sarta balok nyauri saka ing
balunganing omah.

12 Bilai wong kang yasa nagara srana
getih lan nalesi beteng kalawan tindak kang
ora adil. 13 Lah rak saka karsane Pangeran
Yehuwah Gustine sarwa tumitah, anggone para
bangsa padha ora ngetung sayah ngupaya
geni, sarta para suku bangsa anggone
banget-banget padha nggayuh kang tanpa
guna? 14 Amarga bumi bakal kawratanan
kawruh bab kamulyaning Yehuwah, kayadene
sagara anggone kasasaban ing banyu.
15 Bilai wong kang menehi ngombe marang
pepadhane kalawan nepsu, marang digawe
mendem, supaya weruh kawirangane. 16 Sira
wus maregi awakira kalawan kanisthan
minangka ijole kaurmatan. Mulane sira
iya ngombea uga, lan lumakua kalawan
gloyoran. Tuwung kang ana ing astane Sang
Yehuwah kang tengen bakal marani sira, sarta
kaluhuranira bakal kasasaban ing kanisthan.
17 Marga panganiaya kang tumrap gunung
Libanon, iku bakal nasabi sira, lan tumpesing
kewan-kewan bakal ngagetake sira, marga
saka getihing manungsa kang wutah iku lan
marga panganiaya marang nagara, kutha lan
para wong isine kabeh. 18 Apa gunane reca
ukir-ukiran, apa iku ora diukir dening tukange?
Apa paedahe reca cor-coran, guruning
dora-cara iku, manawa iku diandelake dening
kang gawe, mangka brahala-brahala kang
digawe iku nyatane bisu?
19 Bilai wong kang ngucap marang kayu:
“Panjenengan mugi karsaa wungu!”, lan
marang watu kang bisu: “Panjenengan mugi

karsaa wungu!” Apa iku bisa mulang? Pancen
recane kang blongsong ing mas lan salaka,
nanging ing jerone ora ana rohe babar pisan.
20 Nanging Pangeran Yehuwah ana ing
padalemane kang suci. He, salumahing bumi,
padha menenga ana ing ngarsane!

Pandongane Nabi Habakuk

3:1-19

3 1 Pandongane Nabi Habakuk, lagune kaya
kidung pesambat.

2 Dhuh Yehuwah, pawartos bab Paduka
sampun kawula pireng,
saha kawula ajrih dhateng pakaryan
Paduka, dhuh Yehuwah!
Pakaryan Paduka mugi Paduka lestantunaken
ing salebeting lumampahipun taun,
inggih salebeting lumampahipun taun
mugi Paduka wedharaken,
ing salebeting bendu mugi karsaa enget
ing sih-palimirma!
3 Gusti Allah rawuh saka ing tanah Teman,
sarta Kang Mahasuci saka ing pagunungan
Paran, (sela).
Kamulyane nasabi sakurebe langit,
lan bumi kebak pamuji marang
Panjenengane.
4 Ana kang sumorot pindha cahya,
soroting cahya caka ing sisihe,
iku kang nasabi kakiyatane.
5 Pageblug lumaku ana ing ngarsane,
sarta lelara panas ndherekake tindake.

6 Panjenengane jumeneng, bumi kadamel gonjing,
paningale mirsani mubeng, para bangsa padha pating jenggirat kalawan kaget,
gunung-gunung kang wus ana wiwit kuna mula padha remuk,
tengger-tengger kang wus maabab-abad anane padha mendhak;
kaya mangkono tindake Sang Yehuwah maabad-abad.
7 Aku ndeleng tarube Kusyan padha kataman ing karubedan,
tendha-tendhane tanah Midian padha kedher.
8 Dhuh Yehuwah, punapa dhateng lepen-lepen,
punapa dhateng lepen-lepen timbuling bebendu Paduka punika?
Punapa saganten ingkang Paduka dhawahi bramatya Paduka punika,
dene Paduka ngantos nitih kuda saha kreta kaunggulan Paduka?
9 Gandhewa Paduka sampun Paduka penthang,
sampun Paduka pasangi jemparing (sela).
Bumi Paduka belah dados lepen-lepen;
10 redi-redi ningali Paduka, lajeng sami gumeter,
bena langkung kalayan swanten gumrojog,
samodra nyuwanten,
saha njunjung tanganipun.
11 Surya, rembulan sami kendel ing papan padunungganipun,

margi saking sunaring jemparing-
jemparing Paduka ingkang lumepas,
sarta margi saking cumloroting waos
Paduka ingkang gumebyar.
12 Kanthi bramatya anggen Paduka tindak
ndlajahi bumi,
para bangsa sami Paduka gebag ing
salebeting bendu.
13 Paduka tedhak perlu mitulungi umat
Paduka,
inggih mitulungi jebadan Paduka.
Wuwunging griyanipun tiyang duraka Paduka
remuk,
dhasaripun Paduka brengkal ngantos
selanipun ingkang pungkasan (sela).
14 Pangagenging wadya-bala ingkang
ngamuk
Paduka dhawahi panahipun piyambak,
kangge mbuyaraken kawula kalayan
asurak-surak
kados-kados sami nguntal tiyang ingkang
katindhes kalayan sidheman.
15 Kalayan kuda Paduka, Paduka tindak ing
saganten,
inggih klempaking toya ingkang munthuk.
16 Nalika kawula mireng prakawis punika,
gumeter manah kawula,
lambe kawula ndhredheg mireng
ungelipun;
balung kawula kados-kados sami kalebetan
bubuk,
sarta kawula gumeter wonten ing papan
ingkang kawula idak;

ewasamanten kawula badhe kanthi ayem
ngentosi dinten dhatengipun karibedan,
ingkang tumempuh dhateng bangsa
ingkang gegrombolan nempuh kawula.
17 Sanadyan wit anjir boten medal sekaripun,
sarta wit anggur boten wonten wohipun,
wit jaitun wohipun damel gela,
sanadyan pategilan-pategilan boten
ngedalaken bahan tedha,
menda sami medal saking kandhangipun,
saha ing kandhang boten wonten
lembunipun,
18 ewasamanten kawula badhe asurak-surak
wonten ing Pangeran Yehuwah,
abingah-bingah wonten ing Gusti Allah
ingkang ngluwari kawula.
19 Sang Yehuwah, Gustiku iku dadi
karosanku:
Panjenengane damel sikilku kaya sikiling
menjangan,
Panjenengane marengake aku lumaku ing
tengger-tenggerku.
(Kanggo pemimpining juru ngidung, binarung
ing swaraning clempung).

ZEFANYA

Bebuka

1:1

1 [1] Iki pangandikane Pangeran Yehuwah
kang kadhawuhake marang Nabi Zefanya
bin Kusyi bin Gedalya bin Amarya bin Hizkia,
nalika jamane Sang Prabu Yosia putrane Sang
Prabu Amon, nata ing Yehuda.

Paukuman ing dinane Pangeran Yehuwah

1:2-18

[2] "Ingsun bakal nyirnakake nganti resik
samubarang kabeh saka ing salumahe bumi,
mangkono pangandikane Sang Yehuwah.
[3] Manungsa lan kewan bakal Suntumpes,
manuk ing awang-awang lan iwak ing sagara
samono uga. Ingsun bakal ngrubuhake wong
duraka, sarta numpes manungsa saka ing
salumahe bumi, mangkono pangandikane
Sang Yehuwah. [4] Ingsun bakal ngagagake
astaningSun marang Yehuda sarta sakehe
wong isine Yerusalem. Kekarene Baal bakal
Suntumpes saka ing panggonan iki dalah
jenenge para imaming brahala. [5] Mangkono
uga para wong kang memuja marang
wadya-bala ing langit lan kang nyembah
kalawan sumpah setya demi Sang Yehuwah

lan iya demi Dewa Milkom, 6 karomaneh wong
kang padha nyingkur marang Sang Yehuwah
sarta ora ngupaya Pangeran Yehuwah lan ora
neges marang Panjenengane."
7 Padha menenga ana ing ngarsane Pangeran
Yehuwah, awit wus cedhak dinane Sang
Yehuwah. Lah Pangeran Yehuwah wus
nyawisake pista kurban, para kang ditimbali
wus padha disucekake.
8 "Ing dina pista kurbane Pangeran Yehuwah
iku Ingsun bakal ngukum para pangarep, lan
para anaking ratu sarta sakehe wong kang
manganggo sandhangan ngamanca. 9 Ing
dina iku Ingsun bakal ndhawahake paukuman
marang saben wong kang nglumpati
tlundhaking lawang, kang ngebaki omahe
bendarane kalawan panganiaya lan para cidra.
10 Ing dina iku -- mangkono pangandikane
Sang Yehuwah --, bakal keprungu gumedering
pasambat wiwit saka gapura Iwak lan
pangadhuh wiwit ing pakampungan anyar,
apadene jugruging tengger-tengger kang
nggegirisi. 11 He wong ing pakampungan
Lumpang, padha sesambata, awitdene
sakehing sudagar wus padha tumpes, wus
sirna sakehe wong kang nimbangi salaka.
12 Ing wektu iku Ingsun bakal nggledhah
Yerusalem kalawan ngagem obor lan bakal
ngukum marang wong kang wus padha
ngenthel kaya anggur tumumpang ana ing
endheg-endhege, lan kang duwe osik ing
sajroning atine mangkene: Pangeran Yehuwah
ora damel becik lan ora damel ala. 13 Mulane

sabarang darbeke dadi rayahan lan omahe
bakal padha dadi sepi mamring. Manawa
padha gawe omah, ora bakal ngenggoni, sarta
manawa gawe pakebonan anggur, ora bakal
ngombe anggure.”
14 Wus cedhak dinane Sang Yehuwah kang
ngedab-edabi iku, wus cedhak lan enggal
banget tekane. Rungokna, dinane Sang
Yehuwah iku pait, dalah para prawira uga
bakal padha nangis.
15 Dene iku dinaning
bebendu, dina kasusahan lan karubedan,
dinane gempuran lan panumpesan, dinaning
pepeteng lan surem, dinane mendhung lan
pegowong,
16 dina ngunekake kalasangka lan
surak-suraking perang nglawan kutha-kutha
kang santosa sarta menara pojok kang
dhuwur-dhuwur.
17 Para wong Sundhawahi
karubedan, nganti anggone lumaku kaya
wong wuta, sabab wus padha gawe dosa
marang Pangeran Yehuwah. Getihe bakal
kaesokake kaya awu lan jerohane kabuwang
kaya tlethong.
18 Wong-wong iku ora kena
kaluwaran kalawan salaka utawa mase,
ing dina bebendune Sang Yehuwah; malah
salumahing bumi bakal kamangsa dening
genining bentere panggalihe Pangeran, marga
Panjenengane ndhawahake karusakan, malah
karusakan kang nggegirisi iku kacawisake
kanggo sakehe wong kang padha manggon
ing bumi.

Panguwuh supaya mratobat

2:1-3

2 [1] He, bangsa kang ora duwe isin, padha
dimempeng lan nglumpuka, [2] sadurunge
kowe padha digusah kaya mrambut kabur ing
angin; sadurunge katempuh ing bentering
bebendune Pangeran Yehuwah, sadurunge
katekan ing dinaning bebendune Sang
Yehuwah. [3] He, sakehe wong ing nagara
kang andhap-asor, kang netepi angger-
anggere Sang Yehuwah, padha ngupayaa
Panjenengane, ngupayaa kaadilan, ngupayaa
andhap-asor, bokmanawa kowe bakal padha
kaayoman ing dinane Pangeran Yehuwah.

Paukuman tumrap para bangsa

2:4-15

[4] Anadene Gaza bakal ditinggal ing wong, lan
Askelon dadi sepi; ing wayah tengange para
kang manggon ing Asdod bakal katundhungan
sarta Ekron bakal kaobrak-abrik. [5] Bilai kowe
para wong kang manggon ing Dhaerah Pasisir
Sagara, kowe bangsa Kreti! Pangandikane
Pangeran Yehuwah marang kowe mangkene:
He Kanaan, tanahe wong Filisti! Ingsun
bakal ngrisak marang sira, nganti wong kang
ngenggoni sira ora ana maneh. [6] Dhaerah
Pesisir Sagara bakal dadi panggonane para
pangon lan kanggo kandhang wedhus kang
kapageran. [7] Apadene dadi pandumane

kekarening turune Yehuda; ana ing kono
anggone angon lan ing wayah sore padha
ngaso ing omah-omahe Askelon; marga
Pangeran Yehuwah, Gusti Allahe bakal
nggatosake turune Yehuda sarta mulihake
kaanane. 8 “Ingsun wus midhanget pamoyoke
Moab, lan pangala-alane bani Amon,
anggone memada marang umatingSun, sarta
ngumukake awake tumrap wewengkone
umatingSun iku. 9 Mulane, demi Ingsun
agesang, -- mangkono pangandikane
Pangeran Yehuwah Gustine sarwa dumadi,
Allahe Israel --: Moab bakal dadi padha kaya
Sodom lan bani Amon kaya Gomora, yaiku
dadi panggonan kang kathukulan lateng sarta
pamelikan uyah, lan dadi sepi mamring ing
salawas-lawase. Kekarene umatingSun bakal
njarah-rayah tanah-tanah iku lan kekarene
bangsa iku bakal ngebeki tanah-tanah iku
dadi pusakane.” 10 Iku minangka piwalesing
piangkuhe, marga wus padha memada lan
ngegungake dhiri marang umate Pangeran
Yehuwah Gustine sarwa dumadi. 11 Pangeran
Yehuwah bakal nandukake kang nggegirisi,
yaiku nyirnakake para allah ing salumahe
bumi, temah saben bangsa ing dhaerah pasisir,
bakal padha sujud marang Panjenengane,
saka ing panggonane dhewe-dhewe. 12 Sira
uga, he wong Etiopia, bakal padha mati
dening pedhangingSun. 13 Pangeran bakal
ngagagake astane mangalor, bakal ngrusak
Asyur, lan ndadosake Niniwe sepi mamring,
garing kaya pasamunan. 14 Lan pepanthan

kewan-kewan bakal manggon ing satengahe,
yaiku sawernane kewan alasan; manuk
cangak lan bango thonthong padha nginep
ing krebiling sakane; manuk buntung bakal
ngoceh ana ing cendhela, manuk gagak ana
ing ngarep lawang: Pasangan blabag kayu
eres wus kabukakan. 15 Iku kaanane kutha
kang giyak-giyak, kang wong-wonge padha
ayem pamanggone, kang duwe osik ing atine
mangkene: “Mung aku sing ana, ora ana
liyane!” Mulane iya banjur wus dadi ludhesan,
kanggo pasabane kewan-kewan alasan. Saben
wong liwat ing kono bakal padha ngeses lan
kipat-kipat tangan.

Paukuman marang Yerusalem

3:1-8

3 1 Bilai si tukang mbalela lan kang
nandhang kanisthan, he, kutha kang kebak
panganiaya, 2 kang ora gelem ngrungokake
pituture sapa bae, lan ora mreduli marang
pamada, ora kumandel marang Pangeran
Yehuwah lan ora sowan marang ing ngarsane
Gusti Allah. 3 Para pangarep ing satengahe
iku singa kang nggero; para hakime iku asu
ajag ing wayah bengi, kang ora ngengehake
apa-apa tumeka esuke. 4 Para nabine padha
umuk-umukan lan cidra, para imame padha
najisake apa kang suci, nerak marang angger-
anggering Toret. 5 Nanging Pangeran Yehuwah
iku adil ana ing satengahe, ora siya-siya, saben
esuk maringake pranatane, ora tau kasep ing

wayah bangbang wetan. Nanging wong kang
ambek siya iku ora weruh ing isin. 6 “Ingsun
wus numpes para bangsa, menara-menarane balowarti wus padha gempur; lurung-lurunge wus Sunrisak, nganti ora ana wong kang liwat. Kutha-kuthane wus kabongkar, nganti ora ana wonge kang ngenggoni, suwung
kabeh. 7 PangiraningSun: Mesthine saiki
bakal wedi marang Ingsun, lan migatekake marang pamada sarta sakehe kawajiban saka Ingsun ora bakal dilirwakake. Ewadene malah mundhak nemen anggone mbanjurake
sakehing pokale kang ala. 8 Mulane sira padha
ngentenana marang Ingsun -- mangkono pangandikane Sang Yehuwah --, ing dina Ingsun karsa jumeneng dadi saksi. Marga putusaningSun iku ngempalake para bangsa lan nglempakake karajan-karajan, kang banjur Sunesoki bramatyaningSun, yaiku bebenduningSun kabeh kang mulad-mulad, sabab salumahing bumi bakal kamangsa dening genining butajenganingSun.”

Prajanji bab karahayon

3:9-20

9 “Nanging sawuse iku para bangsa bakal
Sunparingi lambe liyane, yaiku lambe kang resik, supaya kabeh padha nyebuta asmane Pangeran Yehuwah, sarta padha ngabekti
marang Panjenengane kalawan rukun. 10 Saka
ing sabrange bengawan-bengawan ing tanah Etiopia, wong kang padha memuja Ingsun,

kang wus kabuyarake, bakal padha nggawa
pisungsung kagem Ingsun. 11 Ing dina iku sira
ora bakal nandhang kawirangan, awit saka
sakehe pokalira kang duraka marang Ingsun;
marga ing dina iku Ingsun bakal nyingkirake
saka ing tengahira wong-wongira kang padha
umuk-umukan, sarta sira bakal ora ngluhurake
dhiri maneh ana ing gunungingSun kang suci.
12 Lan ana ing tengahira Ingsun ngantunake
umat kang andhap-asor lan ringkih, lan kang
bakal golek pangayoman ana ing asmane
Sang Yehuwah, 13 yaiku kekarene Israel iku.
Iku bakal ora padha tumindak ambek siya lan
ora ngucapake goroh, sarta ing cangkeme ora
tinemu ilat kang cidra; awit bakal padha kaya
wedhus gembel kang nyenggut lan mlegung,
sarta ora ana kang gawe kagete." 14 He putri
Sion, padha giyak-giyaka! He Israel, padha
surak-suraka! He putri ing Yerusalem, padha
bungah-bungaha lan giyak-giyaka kalawan
gumolonging ati. 15 Pangeran Yehuwah wus
nyingkirake paukuman marang kowe, wus
nyirnakake mungsuhmu. Ratune Israel, yaiku
Pangeran Yehuwah, iku ana ing tengahmu,
kowe ora bakal wedi marang kasangsaran
maneh.

16 Ing dina iku bakal ana ucap-ucapan
kang tumuju marang Yerusalem: "He Sion,
aja wedi! Tanganmu aja nganti kendho.
17 Pangeran Yehuwah Allahmu ana ing
tengahmu, bakal jumeneng dadi Pahlawan
kang paring kaunggulan; banget karenan
ing galih marga saka kowe. Panjenengane

nganyarake kowe ana ing sihe, kanthi sumyak anggone sukarena ing ngatase kowe, [18] kaya ing dina parepatan gedhe.” “Ingsun bakal nyingkirake kasangsaran saka ing sira, satemah sira ora bakal nandhang pamada maneh. [19] Lan ing wektu iku Ingsun bakal matrapi wong kabeh kang wus nindhes marang sira; nanging mitulungi kang padha pincang, sarta ngumpulake kang padha pating slebar, lan sapira kang kawirangan bakal Sundadekake ingalembana lan misuwur ana ing salumahe bumi. [20] Ing wektu iku sira bakal Sunirid mulih, iya Sunklempakake lan Sundadekake misuwur lan ingalembana ana ing satengahe sakehe bangsa ing salumahe bumi, sarta kaananira bakal Sunpulihake ana ing sangarepe wong-wong iku,” mangkono pangandikane Pangeran Yehuwah.

HAGAI

Pangajak mbangun Padaleman Suci

1:1-15a (1:1--2:1a)

1 [1] Ing taun kang kapindhone jamane Sang
Prabu Dharius, ing sasi kang kaping nem
tanggal sapisan, ana pangandikane Pangeran
Yehuwah lumantar Nabi Hagai, kadhawuhake
marang Sang Zerubabel bin Sealtiel, bupati
ing Yehuda, lan marang Imam Agung Yusak
bin Yozadak, surasane: [2] "Pangandikane Sang
Yehuwah Gustine sarwa dumadi mangkene:
Bangsa iku padha ngucap: Saiki durung
mangsane mbangun padalemane Pangeran
Yehuwah!" [3] Nuli ana pangandikane Pangeran
Yehuwah lumantar Nabi Hagai Mangkene:
[4] "Apa iya wus tekan titi-mangsane sira
padha manggon ana ing omahira dhewe kang
linapis gebyog apik, mangka Padaleman iki
tetep dadi jugrugan? [5] Mulane, -- mangkene
pangandikane Sang Yehuwah Gustine sarwa
dumadi --: Rasakna kaananira! [6] Sira iku
nyebar akeh, nanging sathithik oleh-olehane
kang sira gawa mulih; sira mangan, nanging
ora nganti wareg; anggonira ngombe ora
nganti marem; anggonira nyandhang, ora
nganti anget awakira; apadene wong kang
buruh, sawuse nyambutgawe anggone
nyimpen buruhane ana ing kanthong kang

bolong! 7 Pangandikane Pangeran Yehuwah
Gustine sarwa dumadi mangkene: Rasakna
kaananira! 8 Padha munggaha ing gunung,
njupuka kayu, Padaleman iki kabanguna,
temah bakal ndadekake keparenging
panggalihingSun, sarta Ingsun bakal
ngatingalake kaluhuraningSun ana ing kono,
-- mangkono pangandikane Sang Yehuwah
--. 9 Sira padha ngarep-arep akeh, nanging
oleh-olehane mung sathithik, lan bareng
sira lebokake ing omahira, banjur Sunsebul,
sabab apa? -- Mangkono pangandikane Sang
Yehuwah Gustine sarwa dumadi --. Jalaran
PadalemaningSun isih tetep dadi jugrugan,
mangka sira padha ribut ngopeni omahira
dhewe. 10 Mulane langit mandheg anggone
nurunake ebun, sarta bumi iya ngendheg
pametune. 11 Karodene Ingsun ndhatengake
mangsa ketiga ngerak ana ing bumi, ana
ing gunung-gunung, sarta kang tumanduk
marang gandum lan anggur, tuwin marang
lenga lan marang pametune bumi, marang
manungsa lan kewan apadene marang sakehe
oleh-olehaning panyambutgawe."
12 Sang Zerubabel bin Sealtiel karo Imam
Agung Yusak bin Yozadak, sarta sakekarene
umat kabeh, banjur padha ngestokake
dhawuhe Pangeran Yehuwah, Gusti Allahe
lan pangandikane Nabi Hagai, kaya anggone
kadhawuhan dening Sang Yehuwah, Gusti
Allahe; bangsa mau banjur wedi marang
Pangeran Yehuwah. 13 Ing kono Nabi Hagai,
utusane Pangeran Yehuwah iku nuli nglairake

pangandika miturut dhawuh piwelinge Sang
Yehuwah marang bangsa mau, surasane:
“Pangandikane Sang Yehuwah: Ingsun
nganthi marang sira!” 14 Karodene Pangeran
Yehuwah nggigah semangate Sang Zerubabel
bin Sealtiel, bupati ing Yehuda, lan Imam
Agung Yusak bin Yozadak, sarta semangate
sakekarene umat, tumuli kabeh padha teka
lan tumandhang ing gawe kanggo padalemane
Sang Yehuwah, Gustine sarwa dumadi, Gusti
Allahe,
15 (2-1a) ing sasi nem, tanggal patlikur.

Kaendahane Padaleman Suci kang anyar

1:15b--2:9 (2:1b-10)

(2-1b) Ing taun kang kaping pindhone
2 jamane Sang Prabu Dharius, 1 (2-2)
ing sasi kapitu, tanggal ping selikur,
ana pangandikane Pangeran Yehuwah
lumantar Nabi Hagai, mangkene: 2 (2-3) “Sira
ndhawuhana marang Zerubabel bin Sealtiel,
bupati ing Yehuda karo Imam Agung Yusak bin
Yozadak, sarta marang para wong kekarene
umat, mangkene: 3 (2-4) Sapa panunggalanira
kang isih menangi nalika padaleman iki
kadunungan kamulyan? Lan kapriye katone
marang sira saiki, rak dudu apa-apa ing
sapandelengira? 4 (2-5) Ewadene saiki sira
disantosa atinira, he Zerubabel! -- mangkono
pangandikane Sang Yehuwah -- he, Imam
Agung Yusak bin Yozadak, disantosa atinira!
He sakehe para wong isine nagara, dipadha

santosa atinira! -- mangkono pangandikane
Sang Yehuwah; padha tumandanga, marga
Ingsun nganthi marang sira, -- mangkono
pangandikane Sang Yehuwah Gustine sarwa
dumadi --. 5 (2-6) Ingsun netepi prasetya
kaya kang wus Sunjanjekake marang sira
nalika sira metu saka ing tanah Mesir, lan
RohingSun tetep ana ing tengahira. Sira aja
wedi! 6 (2-7) Sabab pangandikane Pangeran
Yehuwah Gustine sarwa dumadi, mangkene:
Ora antara lawas nuli Ingsun bakal ngoregake
langit lan bumi, sagara lan dharatan. 7 (2-8)
Karomaneh sakehe bangsa bakal padha
Sunoregake, satemah sakehe raja-branane
bakal digawa mrene, sarta Padaleman iku
bakal Sunkebaki ing kamulyan. -- Mangkono
pangandikane Sang Yehuwah Gustine sarwa
dumadi --. 8 (2-9) Sarupane salaka iku
kagunganingSun, lan sarupane mas iku iya
kagunganingSun. -- Mangkono pangandikane
Pangeran Yehuwah, Gustine sarwa dumadi
--. 9 (2-10) Anadene kaendahane Padaleman
iki kang besuk bakal ngluwihi kaendahane
kang dhisik, -- mangkono pangandikane
Sang Yehuwah Gustine sarwa dumadi --, lan
ana ing panggonan iki Ingsun bakal paring
tentrem-rahayu --. Mangkono pangandikane
Pangeran Yehuwah, Gustine sarwa dumadi.”

Pambanguning Padaleman Suci kisruh marga wong kang najis padha melu mbangun

2:10-14 (2:11-15)

10 (2-11) Nalika tanggal kaping patlikur sasi
kang kasanga, ing taun kapindhone jamane
Sang Prabu Dharius, ana pangandikane Sang
Yehuwah Gustine sarwa dumadi lumantar Nabi
Hagai, surasane: 11 (2-12) “Pangandikane
Sang Yehuwah Gustine sarwa dumadi
mangkene: Njaluka piwulang marang para
imam. 12 (2-13) Saupama ana wong kang
nggawa daging suci ana ing pojoking jubahe,
mangka pojoking jubah mau nggepok roti
utawa olah-olahan, anggur utawa lenga lan
sadhengah apa kang kena dipangan, apa kang
kagepok iku iya dadi suci?” Wangsulane para
imam: “Boten.” 13 (2-14) Pangandikane Nabi
Hagai maneh: “Wong kang najis marga dening
jisim saupama kagepok kabeh iku mau, kang
kagepok apa iya dadi najis?” Wangsulane para
imam: “Inggih dados najis!” 14 (2-15) Ing kono
pangandikane Nabi Hagai: “Mangkono uga
tumrap umat iki, lan tumrap bangsa iki ana ing
ngarsaningSun, -- mangkono pangandikane
Pangeran Yehuwah, -- lan sakehe pagaweaning
tangane, sarta apa kang padha disaosake ana
ing kana, iku najis.”

Pambanguning Padaleman Suci nekakake berkah

2:15-19 (2:16-19)

15 (2-16) "Mulane saiki, sira padha nggatekna
wiwit ing dina iki lan sateruse! Sadurunge
wong masang watu siji-siji kanggo mbangun
Padalemane Sang Yehuwah, 16 (2-17) kapriye
kaananira? Nalika ana wong niliki tumpukan
gandum kang kehe kudune rongpuluh
taker, mangka katemu mung ana sapuluh;
utawa nalika niliki pamipitan anggur arep
nyidhuk seket taker, mangka mung oleh
rongpuluh. 17 (2-18) Ingsun wus nggebag
marang sira kalawan ama gosong lan ama
lodhoh sarta kalawan udan krikil sakehe
gegaweaning tanganira, ewasamono sira
padha ora mratobat marang Ingsun. --
Mangkono pangandikane Pangeran Yehuwah.
18 (2-19) Padha nggatekna wiwit dina iki lan
sateruse --, wiwit sasi kasanga tanggale ping
patlikur; wiwit dinane Padalemane Yehuwah
kapasangan pondhamen. Padha nggatekna
19 (2-20) apa ing lumbung isih ana winihe?
Karodene wit anggur lan wit anjir, wit dlima lan
wit jaitun, apa padha dhurung awoh? Wiwit
ing dina iki Ingsun bakal paring berkah."

Janji marang Sang Zerubabel

2:20-23 (2:21-24)

20 (2-21) Mbeneri ing sasi iku tanggal
kaping patlikur ana pangandikane Pangeran
Yehuwah marang Hagai kang paing pindhone,
surasane: 21 (2-22) “Sira ndhawuhana marang
Zerubabel, bupati ing Yehuda, mangkene:
Lah Ingsun bakal ngoregake langit lan bumi,
22 (2-23) sarta bakal ngrubuhake dhampare
para ratu lan nyirnakake pangwasane karajane
para bangsa, sarta ngrusak sakehe kreta
dalah kang padha nunggangi; jaran lan
kang nunggangi bakal padha ambruk mati,
marga saka pedhange kancane. 23 (2-24)
Pangandikane Sang Yehuwah Gustine sarwa
dumadi mangkene: Ing dina iku, he Zerubabel
bin Sealtiel abdiningSun, -- mangkono
pangandikane Sang Yehuwah, -- sira bakal
Sunpundhut, Sundamel kaya upamane ali-ali
cap; sabab sira kang Sunpilih. Mangkono
pangandikane Pangeran Yehuwah Gustine
sarwa dumadi.”

ZAKHARIA

BAB 1--8 WAHYU-WAHYU

Timbalan supaya mratobat

1:1-6

1 [1] Ing sasi kang kawolu ing taun kang
kapindhone jamane Sang Prabu Dharius,
ana pangandikane Pangeran Yehuwah
marang Nabi Zakharia bin Berekhya bin
Idho, mangkene: [2] "Banget dukane Pangeran
Yehuwah marang para leluhurira. [3] Mulane
sira kandhaa marang wong-wong iku:
Pangandikane Sang Yehuwah Gustine sarwa
dumadi: Sira padha mratobata marang Ingsun,
-- mangkono pangandikane Sang Yehuwah
Gustining sarwa dumadi, -- Ingsun banjur
bakal mbaleni sira. -- Mangkono pangandikane
Pangeran Yehuwah Gustine sarwa dumadi
--. [4] Sira aja padha kaya para leluhurira,
kang wus padha dipituturi dening para nabi
ing maune mangkene: Pangandikane Sang
Yehuwah Gustine sarwa dumadi: Sira padha
ngundurana lakunira kang ala lan pokalira
kang duraka! Nanging padha ora gelem
ngrungokake sarta padha ora mreduli marang
Ingsun. -- Mangkono pangandikane Pangeran
Yehuwah. -- [5] Para leluhurira iku padha ana
ing ngendi? Lan para nabi iku apa padha urip

ing salawase? [6] Nanging sakehe pangandika
lan putusaningSun kang wus Sundhawuhake
marang abdiningSun para nabi, iku rak wus
tumeka ing para leluhurira? Wong-wong iku
nuli padha mratobat sarta duwe pangucap
mangkene: Kaya kang wus dadi karsane Sang
Yehuwah Gustine sarwa dumadi anggone
nanduki marang aku, miturut laku lan pokalku,
iya kaya mangkono Panjenengane anggone
nanduki marang kita!”

Wahyu kang kapisan: Priya kang nunggang jaran

1:7-17

[7] Ing taun kang kapindhone jamane Sang
Prabu Dharius, pinuju sasi kang kaping
sawelas, iya sasi Syebat, tanggal kaping
patlikur, ana pangandikane Pangeran Yehuwah
marang Nabi Zakharia bin Berekhya bin Idho,
mangkene: [8] “Dhek mau bengi aku tampa
wahyu: aku ndeleng ana priya nitih jaran
abang, jumeneng ana ing antarane wit jambu
keling kang ana ing jurang; lan ing burine
ana jaran-jaran kang ulese abang, abang nom
lan putih. [9] Aku banjur matur: Dhuh bendara,
punapa tegesipun sadaya punika? Malaekat
kang mangandikani aku tumuli paring
wangsulan mangkene: Aku bakal nuduhake
apa tegese kabeh iku mau. [10] Priya kang
ngadeg ana ing antarane wit jambu keling iku
banjur wiwit guneman, celathune: Iki kabeh
wong kang padha kautus dening Pangeran

Yehuwah ndlajahi bumi. 11 Wong-wong mau
banjur padha matur marang Sang Malaekating
Yehuwah kang jumeneng ana ing antarane
wit jambu keling, mangkene: Kawula sampun
sami ndlajahi dhateng bumi, lah salumahing
bumi katingal ayem lan tentrem. 12 Ing
kono ature Sang Malaekating Yehuwah:
Dhuh Yehuwah, Gustinipun sarwa tumitah,
badhe ngantos pinten laminipun anggen
Paduka boten welas dhateng Yerusalem
sarta kitha-kithanipun Yehuda ingkang
sampun Paduka bendoni laminipun pitung
dasa taun punika? 13 Sang Yehuwah tumuli
paring wangsulan marang malaekat kang
ngandika karo aku mau, kalawan tetembungan
kang kapenak lan nglipur. 14 Malaekat kang
ngandikan karo aku banjur dhawuh marang
aku mangkene: Iki undhangna: Pangandikane
Sang Yehuwah Gustine sarwa dumadi: Wus
banget anggoningSun mbudidaya kanggo
Yerusalem lan Sion, 15 nanging banget
anggoningSun bendu marang para bangsa
kang rumangsa tentrem iku lan kang bareng
Ingsun duka sathithik bae, banjur padha
ngrewangi gawe piala; 16 mulane Pangeran
Yehuwah ngandika mangkene: Ingsun
wangsul maneh marang Yerusalem kalawan
sih-kadarman. PadalemaningSun bakal
kabangun maneh ana ing kana, -- mangkono
dhawuhe Pangeran Yehuwah Gustine sarwa
dumadi, -- sarta tali ukuran bakal kapenthang
maneh ing sadhuwure Yerusalem. 17 Kajaba
saka iku sira ngundhangna iki: Pangandikane

Pangeran Yehuwah, Gustine sarwa dumadi mangkene: Kutha-kuthaningSun bakal padha pulih luber ing kautaman, sarta Sang Yehuwah bakal maringi panglipur marang Sion lan Yerusalem bakal kapilih maneh.”

Wahyu kang kapindho: Sungu papat lan pandhe papat

1:18-21

[18] Aku tumuli tumenga lan ndeleng, lah
ana sungu papat, [19] aku banjur matur
pitakon marang malaekat kang ngandikan
karo aku, mangkene: “Punika tegesipun
punapa?” Paring wangsulane: “Sungu-sungu
iku kang wus mbuyarake Yehuda, Israel,
sarta Yerusalem.” [20] Pangeran Yehuwah tumuli
nedahake marang aku pandhe papat. [21] Aku
banjur matur pitakon: “Tiyang-tiyang punika
dhatengipun badhe nindakaken punapa?”
Paring wangsulane malaekat marang aku
mangkene: “Iku uga sungu kang wus padha
mbuyarake Yehuda, nganti ora ana wong
siji-sijia kang wani ndengengek. Anadene
tekane iku arep gawe kagete wong-wong iku,
yaiku mbanting sungune para bangsa kang
wus padha masang sungune marang tanah
Yehuda arep dibuyarake.”

Wahyu kang kaping telu: Wong kang nyekel tali ukuran

2:1-5

2 1 Aku banjur tumenga lan weruh, lah ana
priya kang nyekel tali ukuran, 2 Aku banjur
matur pitakon: “Panjenengan tindak dhateng
pundi?” Paring wangsulane: “Arep ngukur
Yerusalem, kepengin weruh pira ambane
lan pira dawane.” 3 Anadene malaekat kang
ngandikan karo aku iku tumuli majeng, banjur
ana malaekat liyane kang methukake, 4 iku
diprentahi mangkene: “Lumayua, wong nom
kang ana ing kana kae kandhanana: Yerusalem
bakal tetep kaya ara-ara kang ngeblak, awit
saka kehing manungsa lan kewan kang ana ing
jerone. 5 Sarta Ingsun piyambak, -- mangkono
pangandikane Sang Yehuwah, -- bakal dadi
baluwarti geni ing sakubenge, apadene dadi
kamulyan ana ing jerone.”

Wong buwangan diceluk dikon mulih

2:6-13

6 Ayo, ayo ta! Padha lumayua saka ing
Tanah Lor, -- mangkono pangandikane Sang
Yehuwah, -- awit sira padha Sunbuyarake
ing keblat papat, -- mangkono pangandikane
Pangeran Yehuwah. -- 7 Ayo, ngungsia
menyang ing Sion, he, wong kang padha
manggon ing Babil! 8 Amarga pangandikane
Sang Yehuwah Gustine sarwa dumadi, kang

ing sajroning kamulyane wus ngutus aku
gegayutan karo para bangsa kang wus njarahi
kowe, -- sabab sing sapa nggepok kowe dadi
nggepok thelenging paningale. -- 9 "Lah ta
Ingsun bakal ngobat-abitake astaningSun
marang para wong iku, lan banjur padha dadi
bandhangane para wong kang ing maune dadi
reh-rehane." Nuli kowe bakal padha sumurup
yen Pangeran Yehuwah Gustine sarwa dumadi
iku kang ngutus aku.
10 "He putri Sion! Padha surak-suraka
lan bungah-bungaha, awit Ingsun rawuh
lan dedalem ana ing tengahira, mangkono
pangandikane Sang Yehuwah. 11 Ing waktu
iku akeh para umat kang bakal padha
kumrubut melu sujud marang Sang Yehuwah
lan manjing dadi umatingSun, sarta Ingsun
bakal akedhaton ana ing tengahira." Mulane
kowe padha ngreti yen pangeran Yehuwah
kang ngutus aku. 12 Ing kono Yehuda bakal
kapundhut dening Sang Yehuwah dadi
kagungane ana ing tanah kang suci, sarta
Yerusalem bakal kapilih uga. 13 He sakehe
tumitah! Padha manenga ana ing ngarsane
Sang Yehuwah, dene wus karsa tedhak saka
ing padalemane kang suci.

Wahyu kang kaping pat:
Imam Agung Yusak

3:1-10

3 1 Sawuse mangkono aku banjur dituduh
Imam Agung Yusak jumeneng ana ing

ngarsane Sang Malaekating Yehuwah, dene
setan ngadeg ana ing tengene, prelu ndakwa
panjenengane. 2 Sang Malaekating Yehuwah
banjur ngandika marang Iblis mau: “He Iblis!
Sira muga kadukanana dening Pangeran
Yehuwah, iya kadukanana dening Sang
Yehuwah kang milih Yerusalem. Wong iki
rak tugelan kayu kang wus kajupuk saka
ing geni?” 3 Anadene Imam Agung Yusak
nalika jumeneng ana ing ngarsane Sang
Malaekat iku pangagemane reged. 4 Dhawuhe
Sang Malaekat marang kang padha ngladosi:
“Cuculana sandhangane kang rege iku.” Dene
marang Imam Agung Yusak pangandikane:
“Lah kaluputanira wus Sunedohake saka
sira, lan sira Sunanggoni sandhangan pista.”
5 Tumuli dhawuh: “Sirahe anggonana serban
kang resik!” Mastakane nuli diagemi serban
resik, sarta diagemi pangageman pista;
anadene Sang Malaekating Yehuwah jumeneng
ana ing sacedhake. 6 Sang Malaekating
Yehuwah tumuli pratela marang Imam
Agung Yusak: 7 “Pangeran Yehuwah Gustine
sarwa dumadi ngandika mangkene: Manawa
sira ngambah ing dalan pitedahingSun lan
netepi kuwajiban kang Sunparingake marang
sira, sira bakal mengku padalemaningSun
lan ngreksa plataraningSun, apadene sira
Sunparengake lumebu ana ing tengahe kang
padha ngadeg leladi ana ing kene. 8 He, Imam
Agung Yusak, sira ngrungokna, sira lan para
kancanira kang lungguh ana ing ngarepira --
iku rak padha dadi pratandha kang elok, -- lah

Ingsun bakal ngrawuhake abdiningSun, yaiku
Sang Trubusan. 9 Mungguh watu adi kang wus
Sunpasrahake marang Yusak iku saben watu
siji ana mripate pitu, sarta Ingsun bakal natahi
ukir-ukirane. -- Mangkono pangandikane Sang
Yehuwah Gustine sarwa dumadi. -- Apamaneh
Ingsun bakal ngicali durakane nagara iku
mung ing sajroning sadina. 10 Ing dina iku, --
mangkono pangandikane Pangeran Yehuwah
Gustine sarwa dumadi, -- sira padha gentenan
ngajak lelungguhan ana ing ayome wit anggur
lan sangisore wit anjir."

Wahyu kang kaping lima: Padamaran mas rinengga ing wit jaitun loro

4:1-14

4 1 Kacarita malaekat kang ngandikan
karo aku mau rawuh maneh, banjur
nggigah aku patrape kaya nggigah wong lagi
turu. 2 Pangandikane marang aku: "Kowe
ndeleng apa?" Atur wangsulanku: "Kula ningali
padamaran mas bleg, wadhahipun lisah
wonten ing perangan nginggil; padamaran
punika wonten damaripun pitu, kaliyan malih
ing nginggilipun damar satunggal-tunggalipun
wonten torongipun pitu; 3 punapa malih
padamaran punika kaukiran wit jaitun kalih,
satunggal wonten ing tengenipun wadhah
lisah, satunggalipun wonten ing kiwanipun."
4 Aku tumuli matur pitakon marang malaekat
kang ngandikan karo aku mangkene: "Dhuh
bendara, punika tegesipun kadospundi?"

5 Malaekat kang ngandikan karo aku iku
nuli ndangu: “Kowe apa ora ngreti tegese
kabeh iku?” Aturku: “Boten mangretos,
bendara!” 6 Panjenengane banjur pratela: “Iki
pangandikane Pangeran Yehuwah marang
Zerubabel: ora srana kasantosan lan ora
srana kakuwatan, nanging marga dening
rohingSun. -- Mangkono pangandikane Sang
Yehuwah Gustine sarwa dumadi. -- 7 He,
gunung kang gedhe, sira iku sapa? Ana ing
ngarepe Zerubabel sira bakal dadi tanah rata,
dene Zerubabel iku bakal ngangkat watu
kang pinunjul dene wong padha surak-surak:
Apik! Apik banget watu iku!” 8 Nuli ana
pangandikane Pangeran Yehuwah marang aku
mangkene: 9 “Tangane Zerubabel wus nalesi
padaleman iki, iya tangane iku uga kang bakal
ngrampungake, temah kowe bakal sumurup,
yen Pangeran Yehuwah Gustine sarwa dumadi
kang ngutus aku nemoni kowe. 10 Sabab sapa
kang ngremehake marang dina kelakoning
prakara-prakara kang sapele, iku bakal padha
bungah-bungah ndeleng watu pilihan kang
ana ing tangane Zerubabel.

Dene kang pitu iki tingale sang Yehuwah,
kang ndlajahi salumahe bumi.” 11 Aku banjur
matur pitakon mangkene: “Menggah wit
jaitun kalih ingkang wonten ing tengen sarta
ing kiwanipun padamaran punika, punapa
tegesipun?” 12 Aku tumuli matur maneh:
“Menggah pangipun wit jaitun kalih sandhing
torong emas kalih ingkang ngilekaken jer-jeran
emas saking nginggilipun, punika punapa

tegesipun?” 13 Aku banjur dipangandikani
mangkene: “Kowe apa ora sumurup tegese
iku?” Atur wangsulanku: “Boten sumerep,
bendara!” 14 Panjenengane nuli ngandika: “Iki
wong loro kang dijebadi lan kang ngadeg ana
ing ngarsane Pangeraning salumahe bumi!”

Wahyu kang kaping nem: Gulungan kitab kang nglayang

5:1-4

5 1 Aku banjur tumenga nuli weruh ana
gulungan kitab nglayang. 2 Aku banjur
dipangandikani mangkene: “Kowe weruh
apa?” Aturku: “Kula ningali wonten kitab
gulungan nglayang, panjangipun kalih dasa
asta sarta wiyaripun sadasa asta.” 3 Tumuli
aku dipangandikani maneh, mangkene: “Iku
sumpah wewelak kang nempuh ing sawratane
nagara kabeh; sabab miturut surasane
sumpah wewelak iku, saben maling ana ing
kene isih luput ing paukuman, mangkono uga
saben wong kang nglairake sumpah palsu
iya isih luput ing paukuman. 4 Ingsun kang
nglampahake wewelak iku, -- mangkono
pangandikane Pangeran Yehuwah Gustine
sarwa dumadi, -- supaya iku lumebu ing
omahing maling sarta ing omahe wong kang
nglairake sumpah palsu demi asmaningSun,
sarta bakal nginep ing omahe kono lan bakal
ndadekake rusake, dadia kayune utawa
watu-watune.”

Wahyu kang kaping pitu: Wong wadon ana ing takeran efa

5:5-11

5 Malaekat kang ngandikan karo aku mau
rawuh maneh, sarta dhawuh marang aku:
"Kowe namatna lan nitenana apa kang
jumedhul ing kono?" 6 Aku nuli matur pitakon:
"Punapa punika?" Pangandikane malaekat:
"Kang katon iku takeran efa!" Nuli ngandika
maneh: "Iku pialane wong-wong mau ana
ing saindenging nagara!" 7 Lah, tutupe timah
takeran iku wus kaangkat, lan ing jerone ana
wonge wadon kang lungguh. 8 Pangandikane
malaekat mau: "Iku kadursilan!" Wong
wadon iku banjur dijorogake maneh ana
ing takeran efa, sarta bandhule timah
kabanting ing cangkeme efa. 9 Aku tumuli
tumenga lan weruh, ana wong wadon loro
kang suwiwine kasentor ing angin; suwiwine
mau kayu suwiwine manuk cangak. Efane
banjur diangkat mumbul dening wong loro
iku ana ing antarane bumi karo langit. 10 Aku
tumuli nyuwun priksa marang malaekat
kang ngandikan karo aku, mangkene: "Efa
punika dipun bekta dhateng pundi?" 11 Paring
wangsulane malaekat: "Menyang ing tanah
Sinear, wong wadon iku arep digawekake
omah ana ing kana; samangsa wus dadi, wong
wadon mau banjur dipapanake ana ing omah
kono."

Wahyu kang kaping wolu: Kreta papat

6:1-8

6 [1] Aku banjur tumenga maneh sarta weruh:
lah ana kreta papat metu saka ing antarane
gunung loro. Anadene gunung iku gunung
tambaga. [2] Kreta kang kapisan rakitane jaran
abang, kreta kang kapindho jaran ireng.
[3] Kang katelu jaran putih lan kang kapat jaran
plangka lan plontheng. [4] Aku banjur nyuwun
priksa marang malaekat kang ngandikan karo
aku, aturku: "Dhuh bendara, punika sadaya
tegesipun kadospundi?" [5] Paring wangsulane
malaekat: "Kabeh iku metu marang ing
keblat papat, sawuse padha seba marang ing
ngarsane Pangeraning salumahe bumi." [6] Kang
rakitane jaran ireng iku menyang ing Tanah
Lor; kang putih iku parane mangulon, dene
kang plangka menyang Tanah Kidul; [7] sarta
kang abang iku metu, bingung arep lunga
sumedya ndlajahi salumahe bumi. Nuli padha
kadhawuhan: "Mangkata, padha ndlajahana
salumahe bumi!" Bumi banjur didlajahi.
[8] Panjenengane tumuli nguwuh marang aku:
"Sawangen, kang lakune menyang Tanah Lor
iku arep nentremake RohingSun ana ing Tanah
Lor kono."

Kratone Sang Trubusan ing Yerusalem

6:9-15

9 Nuli ana pangandikane Pangeran Yehuwah
marang aku mangkene: 10 "Ing dina iki
uga sira lungaa, menyang omahe Yosia bin
Zefanya narikana pisungsunge Heldai, Tobia
lan Yedaya, wong kang wus padha bali saka
ing pambuwangan ing Babil. 11 Munguta
salaka lan mas, iku banjur gawenen makutha
lan sira etrapna ing sirahe Imam Agung
Yusak bin Yozadak, 12 kalawan pratelanana:
Pangeran Yehuwah Gustine sarwa dumadi
ngandika mangkene: Lah iki priya kang
asmane Sang Trubusan. Iki bakal tuwuh
saka ing papane, lan bakal yasa padalemane
Sang Yehuwah. 13 Panjenengane kang bakal
mbangun padalemane Sang Yehuwah, sarta
kang bakal tampi kaluhuran sarta lenggah ana
ing dhampare kalawan ngasta paprentahan.
Ing tengene bakal ana sawijining imam, sarta
panjenengane sakarone iku bakal padha
pirembagan bab damel tentrem-rahayu.
14 Anadene makutha iku bakal tetep kasimpen
ana ing padalemane Sang Yehuwah, minangka
pangeling-eling marang Heldai, Tobia,
Yedaya lan marang Yosia anake Zefanya.
15 Wong-wong kang adoh bakal padha teka
melu mbangun padalemane Sang Yehuwah,
ing kono kowe bakal padha sumurup yen
Pangeran Yehuwah Gustine sarwa dumadi
kang ngutus aku nemoni kowe kabeh. Lan

prakara iki bakal kelakon, manawa kowe padha ngrungokake swarane Pangeran Yehuwah Allahmu kalawan temenan.”

Bab puwasa kang sabenere

7:1-14

7 1 Ing taun kang kaping pat jamane Sang
Prabu Dharius, pinuju tanggal kaping
papat sasi kasanga, yaiku sasi Kislew, ana
pangandikane Pangeran Yehuwah marang
Nabi Zakharia. 2 Dene wong kang manggon
ing Betel wus padha kongkonan Sarezer
lan Regem-Melekh sakancane, supaya
ngunjukakake panyuwun muga kaparingana
sih-kamirahane Sang Yehuwah, 3 sarta matur
marang para imam kang ana ing padalemaning
Yehuwah Gustine sarwa dumadi lan marang
para nabi, mangkene: “Punapa kula kedah
sami nangis lan puwasa ing wulan kaping
gangsal kados ingkang sampun kula lampahi
mataun-taun laminipun punika?” 4 Ing kono
ana pangandikane Pangeran Yehuwah Gustine
sarwa dumadi marang aku, mangkene: 5 “Sira
mratelakna marang rakyat sakabehe lan
marang para imam, mangkene: Nalika sira
padha puwasa karo ngadhuh-adhuh ing sasi
kalima lan kapitu salawase pitung puluh
taun iki, apa enggonira puwasa iku kagem
kaluhuraningSun? 6 Apamaneh manawa sira
mangan utawa ngombe, rak iya mung mangan
utawa ngombe kanggo awakira dhewe, ta?
7 Iki rak pangandika kang wus kadhawuhake

dening Sang Yehuwah lumantar para nabi kang
dhisik, nalika Yerusalem dalah kutha-kutha
ing saubenge isih dienggoni lan isih santosa,
mangkono uga Tanah Negeb lan Dhaerah
Pagunungan iya isih dienggoni.” 8 Pangeran
Yehuwah nuli ngandika marang Nabi Zakharia,
mangkene: 9 “Pangandikane Sang Yehuwah
Gustine sarwa dumadi mangkene: Anggonira
nindakake pangadilan kang jejeg, sarta padha
nandukna katresnan lan kawelasan marang
wong siji lan sijine. 10 Aja nindhes randha lan
bocah lola, apadene wong ngamanca lan wong
miskin, mangkono uga ing sajrone atinira
aja ana kang ngrancang sumedya nandukake
piala marang wong siji lan sijine.” 11 Nanging
padha ora gelem nilingake, malah ngakokake
pundhake sumedya nglawan lan mbudhegake
kupinge supaya aja nganti krungu. 12 Atine
padha diatosake kaya inten, supaya aja nganti
krungu marang piwulang lan pangandika
kang kadhawuhake dening Pangeran Yehuwah
Gustine sarwa dumadi kalawan Rohe lumantar
para nabine kang dhisik, temah padha
kataman bebendune Sang Yehuwah kang
ngedab-edabi. 13 “Kayadene anggone padha
ora ngrungokake nalika katimbalan, iya kaya
mangkono anggoningSun ora midhangetake
nalika padha sambat-sambat, -- mangkono
pangandikane Pangeran Yehuwah Gustine
sarwa dumadi. -- 14 Mulane bakal padha
Sundamoni kaya tumanduke angin prahara,
menyang ing antarane sakehe para umat
kang ora diwanuhi, sarta sawuse iku tanahe

dadi suwung, nganti ora kasaba ing wong,
mangkono nagara kang adi iku padha
didadekake tanah kang sepi mamring dening
wong-wong mau."

Karahayone bangsa Israel

8:1-19

8 1 Tumuli ana pangandikane Pangeran
Yehuwah Gustine sarwa dumadi
mangkene: 2 "Pangandikane Pangeran
Yehuwah Gustine sarwa dumadi mangkene:
Banget anggoningSun mbudidaya nindakake
samubarang kanggo Sion lan kalawan
bramatya kang banter. 3 Pangandikane Sang
Yehuwah: Ingsun bakal rawuh ing Sion maneh
lan akedhaton ing tengahe Yerusalem, sarta
Yerusalem bakal kasebut: Kutha Setya, dene
gununge Sang Yehuwah Gustine sarwa dumadi
bakal kasebut: Gunung Suci. 4 Pangandikane
Pangeran Yehuwah Gustine sarwa dumadi
mangkene: Ing lurung-lurunge Yerusalem
bakal ana wong kaki-kaki lan nini-nini padha
lungguh maneh kalawan padha nyekel teken,
marga saka kehing umure; 5 sarta dalan-dalan
ing kutha iku bakal kebak bocah-bocah lanang
lan wadon kang padha dolanan ana ing kono.
6 Pangandikane Pangeran Yehuwah Gustine
sarwa dumadi: Manawa lelakon ing wektu
iku diarani aneh dening kekarene bangsa
iki, apa Ingsun iya bakal mastani aneh uga?
Mangkono pangandikane Sang Yehuwah
Gustine sarwa dumadi. 7 Pangandikane Sang

Yehuwah Gustine sarwa dumadi mangkene:
Lah umatingSun Sunentasake saka ing
panggonan pletheking srengenge nganti
tumeka ing papan surupe, 8 sarta bakal
Sunulihake mrene, supaya padha manggon
ana ing tengahe Yerusalem, apadene bakal
padha dadi umatingSun, sarta Ingsun dadi
Allahe kalawan kasetyan lan kaadilan."
9 Pangandikane Pangeran Yehuwah Gustine
sarwa dumadi mangkene: "Padha kuwatna
atinira, he, para wong kang sasuwene iki padha
krungu pangandika kang dilairake dening
para nabi iku, wiwit nalika masang tetalesing
padalemane Sang Yehuwah Gustine sarwa
dumadi, nalika Padaleman Suci kaadegake.
10 Awit sadurunge iku wong padha ora oleh
rejeki, mangkono uga kewan: sarta wong kang
mlebu metu ora bisa tentrem marga saka
anane mungsuh, apadene Ingsun ndadekake
wong kabeh padha memungsuhan. 11 Nanging
saiki, pangrehingSun marang kekarene
bangsa iki ora kaya dhek biyen, mangkono
pangandikane Sang Yehuwah Gustine sarwa
dumadi. 12 Nanging Ingsun bakal nyebar
tentrem-rahayu. Ing kono wit anggur bakal
metokake wohe, bumi bakal metokake asile
sarta langit bakal menehake ebune. Iku kabeh
bakal Sunparingake marang kekarene bangsa
iki dadia darbeke. 13 He, turune Yehuda lan
turune Israel, dhek biyen sira dadi ipat-ipat
ana ing antarane para bangsa, nanging saiki
Ingsun bakal ngganjar karaharjan marang sira

kabeh nganti padha dadi berkah. Aja padha
wedi, santosakna atinira!”
[14] Awitdene pangandikane Pangeran Yehuwah
Gustine sarwa dumadi mangkene: “Yen ing
biyen nalika para leluhurira padha memungu
bebenduningSun, Ingsun banjur kagungan
karsa arep ndhatengake bilai marang sira
kabeh lan Ingsun ora keduwung -- mangkono
pangandikane Sang Yehuwah Gustine sarwa
dumadi -- [15] nanging saiki Ingsun karsa
damel becik maneh marang Yerusalem lan
marang turune Yehuda. Sira aja padha
wedi! [16] Iki prakara-prakara kang kudu sira
tindakake: Sawiji-wijining wong ngucapa
kang bener marang pepadhane, lan netepana
angger-angger ing sabenere kang njalari
tentrem ana ing gapura-gapuranira. [17] Aja
ngangen-angen marang cilakane pepadhanira,
karomaneh aja seneng asumpah palsu,
sabab kabeh iku Sunsengiti.” Mangkono
pangandikane Pangeran Yehuwah.
[18] Ana maneh pangandikane Pangeran
Yehuwah Gustine sarwa dumadi marang aku,
surasane: [19] “Pangeran Yehuwah Gustine
sarwa dumadi ngandika mangkene: Wektu
puwasa ing sasi kaping pat, lan ing sasi
kalima, ing sasi kapitu lan ing sasi kaping
sapuluh, iku bakal dadi kabungahan lan suka
pari suka sarta dadi riyaya kang nengsemake
marang turune Yehuda; mulane sira padha
nengenna marang kabeneran lan karukunan!”

Karahayon tumrap bangsa-bangsa

8:20-23

20 Pangandikane Pangeran Yehuwah Gustine
sarwa dumadi mangkene: “Para bangsa lan
para wong isine kutha-kutha pirang-pirang
isih bakal padha teka maneh, 21 sarta para
kang manggon ing kutha kang siji padha
marani marang kang manggon ing kutha
sijine kalawan ngucap: Payo padha sowan
ngunjukake panyuwun marang Sang Yehuwah,
supaya karsaa paring kamirahan tuwin
ngupaya marang Pangeran Yehuwah Gustine
sarwa dumadi! Aku dhewe iya bakal padha
sowan. 22 Dadi bangsa pirang-pirang lan para
suku bangsa kang santosa bakal padha teka
ing Yerusalem, ngupaya Pangeran Yehuwah
Gustine sarwa dumadi, sarta padha nyuwun
kamirahaning Yehuwah.”
23 Pangeran Yehuwah Gustine sarwa dumadi
ngandika mangkene: “Ing wektu iku ana
wong sapuluh panunggalane para bangsa
lan basa warna-warna, padha nggondheli
pojoking jubahe wong Yahudi siji kalawan
kenceng sarta ngucap: Kula sami badhe tumut
panjenengan sadaya, margi kula sami mireng,
bilih panjenengan sami tinunggil dening Gusti
Allah!”

BAB 9--14 PAMECA BAB BAKAL RAWUHE SANG MESIH

Paukuman tumrap bangsa-bangsa ing sakubenge Israel

9:1-8

9 [1] Wangsit pangandikane Gusti Allah.
Ana pangandikane Pangeran Yehuwah
tumrap nagara Hadrakh kang kendele ana
ing Damsyik. Marga Sang Yehuwah kang
kagungan kutha-kutha ing Aram lan sakehe
suku Israel, [2] uga Hamat, kang adu wates
karo Damsyik mau, sarta Tirus lan Sidon,
sanadyan iku padha wicaksana banget. [3] Tirus
iku yasa tembok beteng, sarta numpuk salaka
nganti kaya lebu, apadene mas nganti kaya
blethok ing dalan. [4] Nanging lah Tirus bakal
kadadekake mlarat dening Pangeran lan
kakuwatane bakal kacegurake ing sagara,
dene kutha iku dhewe bakal sirna kamangsa
ing geni. [5] Askelon bakal nyipati temah wedi;
uga Gaza, banjur luwih banget getere; Ekron
iya samono uga, marga pangarep-arepe ora
katutugan. Ratune bakal kasirnakake saka ing
Gaza, lan Askelon bakal dadi suwung. [6] Asdod
bakal kaenggonan ing turun campuran,
sarta kang diagungake wong Filisti bakal
Sunsirnakake. [7] Getih-getih kang ana ing
cangkeme bakal Sunbuwang, lan kanisthan
saka ing sela-selaning untune, lan kekarene
bakal dadi kagungane Gusti Allah kita, sarta

bakal dianggep kayadene sawijining trah ing
Yehuda; lan wong Ekron dadi pepadhane wong
Yebus. [8] Ingsun bakal lereh ana ing sacedhake
padalemaningSun, prelu njagi wong kang
padha liwat lumebu metu ing kono. Bakal ora
ana wong kang nindhes maneh kang nekani,
marga saiki Ingsun piyambak kang mirsani.

Sang Mesih ing Sion

9:9-10

[9] He putri Sion, surak-suraka kang sora; he
putri Yerusalem, giyak-giyaka! Lah ratunira
ngrawuhi sira; Panjenengane iku adil sarta
unggul, lembah panggalihe, nitih kuldi, belo
anaking kuldi momotan. [10] Iku bakal numpes
sakehe kreta perang ing Efraim lan sakehe
jaran ing Yerusalem, apadene gendhewaning
perang bakal disirnakake. Sabanjure Sang
Prabu iku bakal martosake bab katentreman
marang para bangsa. Wilayah pangwaose
iku gumelar wiwit saka ing sagara tekan ing
sagara sarta saka ing bengawan Efrat tekan
ing poncot-poncoting bumi.

Israel dipulihake maneh

9:11-17

[11] Tumrap sira, marga saka rahing
prasetyaningSun kalawan sira, Ingsun bakal
ngentasake wongira kang ana ing tahanan
saka luwangan kang ora ana banyune.
[12] He para wong tahanan kang kebak ing

pangarep-arep, padha muliha menyang
ing sajroning betengira! Ing dina iki uga
sira padha Sunparingi sumurup: Sira bakal
Sunparingi leliru tikel pindho. [13] Awit Yehuda
Sunpenthang minangka gendhewa, lan
Suniseni Efraim minangka panahe; apadene,
he Sion, anak-anakira bakal Sunobong supaya
nglawan para anakira, he Yunani, sarta sira
Sundadekake kaya pedhanging pahlawan.
[14] Pangeran Yehuwah bakal ngatingal marang
umate, jemparinge bakal lumepas kaya kilat.
Lan Gusti Allah bakal ngungelake kalasangka
lan tindak majeng ing sajrone prahara
kang saka ing kidul. [15] Pangeran Yehuwah
Gustine sarwa dumadi bakal ngayomi umate,
temah iku bakal nyirnakake lan ngidak-idak
watu-watu bandhil. Bakal padha ngombe getih
kaya anggur, lan padha dadi kebak kaya bokor
siraman, kaya pojok-pojoking misbyah. [16] Ing
dina iku bakal padha kaparingan pitulungan
dening Pangeran Yehuwah Allahe, sabab padha
dadi kayadene pepanthaning umate, lan bakal
padha dadi kaya barleyan mripating makutha
kang pating glebyar, kaya mangkono kaanane
ana ing tanahing Yehuwah. [17] Pranyata
kaanane luwih dening adi lan endah! Para
pemudhane padha wlagang tuwuhe marga
saka gandum lan pemudhine marga saka
anggur.

Mung Yehuwah kang paring udan

10:1-2

10 [1] Padha nyuwuna udan marang
Pangeran Yehuwah ing mangsa udan
kang wekasan! Pangeran Yehuwah kang karya
mendhung kang nggawa udan, lan udan deres
bakal kaparingake marang wong-wong sarta
tetuwuhan ing ara-ara marang saben wong.
[2] Sabab apa kang diucapake dening terafim
iku ala, lan para juru tenung iku wahyune
goroh, dene impen-impen kang dikandhakake
iku kothong, tuwin tanpa paedah panglipure.
Mulane bangsa iku nglembara kaya pepanthan
wedhus, lan nandhang sangsara marga ora
ana pangone.

Israel kaluwaran saka pangwasane bangsa ngamanca

10:3--11:3

[3] "BebenduningSun bakal mulad-mulad ing
ngatase para pangon, sarta para kepalaning
pepanthan wedhus berok bakal padha
Sundhawahi piwales, awit Pangeran Yehuwah
Gustine sarwa dumadi nggatosake marang
pepanthan wedhus kagungane, yaiku turune
Yehuda, padha kadadekake kaya titihaning
kamulyane ana ing paperangan. [4] Saka ing
turune Yehuda iku bakal muncul watu pojokan,
saka turun iku bakal muncul pathoking tarub,
saka turun iku bakal muncul gandhewa

perang, lan iya saka turun iku bakal jumedhul
bebarengan sakehing wong kang nyekel
pangwasa. 5 Iku bakal padha kaya pahlawan,
kang ngidak-idak mungsuh kaya blethok
ing dalan, bakal padha maju perang, marga
tinunggil dening Sang Yehuwah lan para
prajurit jaranan bakal padha kagawe wirang.
6 Turune Yehuda bakal Sunsantosakake,
lan turune Yusuf Sunluwari; bakal padha
Sunulihake, marga padha Sunwelasi; kaanane
kaya-kaya ora tau Sunsebratake, awitdene
Ingsun iki Yehuwah Allahe, sarta bakal
Sunsembadani sapanyuwune. 7 Efraim bakal
kaya pahlawan, atine bakal bingar kaya kena
dayaning anggur. Anak-anake padha nyipati
iku, temah padha bungah-bungah, sarta atine
giyak-giyak marga saka Pangeran Yehuwah.
8 Ingsun bakal singsot nimbali wong-wong
iku, iku bakal padha Sunklempakake, awit
wus padha Sunluwari lan bakal padha
tangkar-tumangkar kaya maune. 9 Sanadyan
wus padha Sunsebar ana ing antarane para
bangsa, ewasamono ana ing tanah-tanah kang
adoh iku bakal padha eling marang Ingsun;
bakal padha urip bebarengan karo anak-anake,
lan padha bali mulih. 10 Bakal Sunulihake
saka ing tanah Mesir, lan Sunklempakake
saka ing Asyur; bakal Sunbekta menyang
ing tanah Gilead sarta ing Libanon, nganti
ora cukup panggonane. 11 Bakal padha
nyabrang ing sagara Mesir, dene Gusti Allah
bakal nyabet aluning samodra, satemah
sakehe kedhunging bengawan Nil padha

dadi asat. Kang diegungake bangsa Asyur
bakal kaplorodake, lan tekening kaprabon
Mesir bakal ilang. 12 Wong-wong iku bakal
Sundadekake rosa, lan bakal padha rumangsa
mbedhedheg ana ing asmane Sang Yehuwah."
Mangkono pangandikane Pangeran Yehuwah.
11 1 He Libanon, gapuramu padha
wengakna, supaya witira eres padha
kamangsaa ing geni. 2 He wit sanobar,
padha sesambata, dene wite eres wus padha
rubuh, wit kang ngedab-edabi wus padha
karusak. He, wit elon ing Basan, padha
ngadhuh-adhuha, dene alase greng wus rata.
3 Rungokna, para pangon padha sesambat,
marga kang dadi kasenengane wus karusak.
Rungokna, singa-singa padha nggero, awit
kaendahane bengawan Yarden wus sira.

Pangon warna loro

11:4-17

4 Pangandikane Sang Yehuwah Gusti Allahku
mangkene: "Sira ngengona pepanthan
wedhus sembelehan iku. 5 Wong kang tuku
padha nyembeleh, lan ora rumangsa luput,
dene kang ngedol padha ngucap: Pinujia
Pangeran Yehuwah! Aku wus dadi sugih!
Dene para pangone dhewe ora padha welas.
6 Sabab Ingsun ora bakal ngeman maneh
marang para wong isine bumi, -- mangkono
pangandikane Sang Yehuwah, -- nanging
lah wong iku siji-sijine Sunulungake marang
ing tangane pangone, lan marang ing

tanganing ratune; iki bakal padha nggempur
bumi, sarta wonge siji-sijia ora ana kang
Sunuwalake saka ing tengahe wong iku
mau.” 7 Pepanthan wedhus sembelehan iku
bakal dakengon, kanggo para pedagang
wedhus, sarta aku njupuk teken loro:
Kang siji dakjenengake “Kadarman”, sijine:
“Talenan”; aku nuli ngengon wedhus-wedhus
iku. 8 Sajroning sesasi aku numpes pangone
telu. Atiku banjur mangkel banget marang
wedhus-wedhuse, sarta wedhus-wedhuse
iya padha bosen marang aku. 9 Ing kono
celathuku: “Aku emoh, ngengon kowe maneh,
kang arep mati, kareben mati, kang arep
ilang, kareben ilang, sarta kang isih kari iku,
kareben padha pangan-pinangan daginge.”
10 Tekenku kang jeneng “Kadarman” dakjupuk,
dakputung, kanggo mbatalake prajanjian kang
dakanakake kalawan sakehe para bangsa.
11 Dadine ing dina iku prajanjian wus batal,
temah wong kang padha dagang wedhus kang
lagi migatekake aku iku padha mangreti, yen
iku pangandikane Pangeran Yehuwah. 12 Aku
banjur celathu marang wong-wong mau:
“Manawa iku kokanggep becik, aku wenehana
opahane, lan manawa ora, iya wis.” Tumuli
aku ditimbangake dhuwit telung puluh sekel
salaka minangka opahku. 13 Nanging Sang
Yehuwah ngandika marang aku: “Iku pasrahna
marang tukang ngecor logam!” -- samono
kehe anggone ngregani kanggo aku. Mulane
dhuwit salaka telung puluh sekel iku mau
tumuli dakjupuk, banjur dakpasrahake marang

tukang ngecor logam ana ing padalemaning
Yehuwah. 14 Sawuse mangkono tekenku sijine
yaiku kang jenenge “Talenan”, dakputung
kanggo medhot pasadulurane Yehuda lan
Israel.
15 Sawuse mangkono pangandikane Sang
Yehuwah marang aku mangkene: “Sira
njupuka sapisan engkas pirantine pangon
kang goblog! 16 Marga lah Ingsun bakal
ngadegake pangon ana ing nagara kene, kang
ora ngeman sabarang kang ilang, ora nggoleki
kang ketriwal, ora nambani kang ketaton, ora
ngopeni kang waras, malah kang lemu-lemu
dipangan daginge, lan njabuti tracake. 17 Bilai
pangoningSun kang goblog, kang ninggal
wedhus-wedhuse! Tangane lan mripate kang
tengen katempuha ing pedhang! Apusa banget
lengene lan mripate kang tengen dadia lamur
banget!”

Yerusalem kaluwaran lan kaanyarake

12:1-9

12 1 Wangsit
Pangandikane Pangeran Yehuwah kang
kadhawuhake tumrap Israel: Pangandikane
Sang Yehuwah kang njereng langit lan
kang nalesi bumi, sarta kang nitahake roh
ing sajroning manungsa: 2 “Lah Yerusalem
Sundadekake bokor pangomben kang
mendemi tumrap sakehe bangsa ing
sakubenge, sarta Yehuda bakal ngrasakake
susah samangsa Yerusalem kakepung. 3 Ing

wektu iku Yerusalem bakal Sundadekake watu
kang dijunjung kanggo sakehe bangsa. Sapa
bae kang njunjung mesthi banget anggone
nandhang tatu. Sarta sakehe bangsa ing
bumi bakal padha nglumpuk nglawan marang
Yerusalem mau. 4 Ing wektu iku, -- mangkono
pangandikane Sang Yehuwah -- Ingsun bakal
damel bingunge sakehe jaran, lan sakehe
wong kang nunggangi padha dadi edan,
balik tumrap para turune Yehuda, Ingsun
bakal ngelekake paningalingSun, nanging
jarane bangsa liya bakal Sundadekake picak.
5 Sawuse mangkono para gotrah ing Yehuda
bakal padha mosik mangkene: Wong isine
Yerusalem iku padha kadunungan kakuwatan
marga saka Pangeran Yehuwah Gustine sarwa
dumadi, iku Gusti Allahe. 6 Ing wektu iku para
gotrah ing Yehuda padha Sundadekake kaya
anglo isi geni ana ing satengahe tumpukan
kayu lan kayu obor kang murub ana ing
satengahe gedhengan gandum; temahan geni
loro-lorone iku nyalad ngiwa nengen marang
sakehe bangsa ing sakubenge, nanging
Yerusalem lestari ana ing panggonane lawas.
7 Tarube Yehuda bakal padha dipitulungi
dhisik dening Pangeran Yehuwah, supaya
turune Sang Prabu Dawud lan para wong isine
Yerusalem aja banget-banget anggone padha
ngunggul-unggulake Yehuda. 8 Ing wektu iku
Pangeran Yehuwah bakal ngayomi marang
para isine Yerusalem, dalah panunggalane
kang kajengklok bakal dadi kaya Sang Prabu
Dawud sarta kulawargane Sang Prabu Dawud

bakal padha dadi kaya Gusti Allah, kaya
Sang Malaekate Pangeran Yehuwah, kang
dadi pangajenge. 9 Apadene ing dina iku
Ingsun ngangkah numpes sakehe bangsa kang
nempuh perang marang Yerusalem."

Pasambat tumrap wong kang katuwek

12:10-14

10 "Ingsun bakal ngesokake rohing sih-
rahmat lan rohing panyuwunan marang
brayate Dawud lan para wong isine Yerusalem,
satemah iku bakal padha mandeng marang
kang wus katuwek dhewe lan bakal nangisi
kang disuduk mau, patrape kaya nangisi
anak ontang-anting lan nangis kelara-lara,
patrape kaya nangisi anak pambarep. 11 Ing
wektu iku patangisan ing Yerusalem bakal
kaya pangadhuhe Hadad-Rimon ana ing
lebak Megido. 12 Wong sanagara bakal padha
nganakake patangisan, saben sakulawarga
dhewe, sagolongane turune Dawud dhewe,
lan somahe iya dhewe; sagolongane turune
Natan dhewe, lan somahe iya dhewe; 13 gotrah
turune Lewi dhewe, sarta somahe iya dhewe;
gotrah turune Simei dhewe, sarta somahe iya
dhewe; 14 mangkono uga golongan liya-liyane
saben gotrah dhewe, lan somahe iya dhewe."

Bab nyirnakake brahala lan nabi palsu

13:1-6

13 [1]“Ing wektu iku bakal ana sumber
kang kaparingake marang turune Sang
Prabu Dawud lan para wong isine Yerusalem
kanggo ngumbah dosa lan kanajisan. [2]Iya
ing wektu iku -- mangkono pangandikane
Pangeran Yehuwah Gustining sarwa dumadi
-- Ingsun nyirnakake jenenge sakehe brahala
saka ing nagara iku, nganti wong-wong padha
ora eling marang iku maneh. Dalah para
wong kang ngaku-aku nabi sarta roh reged
bakal Sunbuwang saka ing nagara kono. [3]Lan
saupama isih ana wong kang muncul dadi
nabi, bapa-biyunge kang nganakake dheweke
bakal padha nyelathoni mangkene: Kowe iku
aja urip bae, marga apa kang kokucapake
demi asmane Sang Yehuwah iku goroh!
Bapakne lan ibune kang wus nganakake
wong iku bakal banjur nyuduk anake, nalika
pinuju medhar wangsit. [4]Sarta ing wektu
iku para kang ngaku-aku nabi bakal padha
kawirangan marga saka wahyune samangsa
medhar wangsit, sarta ora ana maneh kang
manganggo jubah wulu kagawe ngapusi,
[5]nanging siji-sijine bakal padha ngucap
mangkene: Aku iki dudu nabi, nanging wong
kang ngolah lemah, awit wiwit cilik aku wus
duwe lemah. [6]Dene saupama ana wong takon:
Tilas tatu apa kang ana ing awakmu iki? Nuli

wangsulane: Anggonku ketaton iki ana ing
omahe mitra-mitraku!”

Pedhang namani -- Umat anyar

13:7-9

7 “He pedhang! Sira nempuha abdiningSun
juru pangon, wong kang raket banget kalawan
Ingsun!” Mangkono pangandikane Sang
Yehuwah Gustine sarwa dumadi. “Juru pangon
iku patenana, temahan wedhuse banjur
padha buyar, sarta Ingsun bakal ngagem
astaningSun Sunagem nglawan marang kang
ringkih, 8 satemah ing sawratane nagara --
mangkono pangandikane Pangeran Yehuwah
-- wonge kang rong pratelon bakal padha
tumpes mati, mung sapratelon kang kari urip
ana ing kono. 9 Kang sapratelon iku banjur
Sunlebokake ing geni, Sunlebur patrape kaya
nglebur salaka, Sunbesot patrape kaya mbesot
mas; iku bakal padha nyebut asmaningSun
lan bakal Sunparingi wangsulan. Ingsun bakal
ngandika: Iku umatingSun, sarta iku bakal
padha munjuk: Pangeran Yehuwah punika
Gusti Allah kawula.”

Kaunggulan kang wekasan: Pangeran Yehuwah jumeneng Ratu ana ing Yerusalem

14:1-21

14 1 Lah bakal teka dina kang katetepake
dening Pangeran Yehuwah, nuli barang

darbekira kang dirayah bakal kaedum-edum
ana ing tengahira. 2 Ingsun bakal nglumpukake
sakehe bangsa, kang bakal padha nglurugi
perang marang Yerusalem, kutha iku nuli bakal
direbut, omah-omahe padha dijarah-rayah,
wonge wadon padha dirusuhi. Wong isine
nagara separo kagawa metu menyang
pambuwangan, nanging kekarene umat
ora bakal katumpes saka ing kutha kono.
3 Pangeran Yehuwah banjur bakal majeng
perang nglawan bangsa-bangsa iku, kaya
ing nalika dinaning campuh perang. 4 Ing
wektu iku sampeyane tumapak ana ing
gunung Jaitun kang kaprenah iung sangarepe
Yerusalem sisih wetan. Gunung Jaitun mau
bakal binelah dadi loro, saka ing wetan
mangulon, satemah banjur nganakake lebak
kang jembar banget; sigarane gunung mau
kang siji mingser mangalor, sijine mengidul.
5 Lebaking gunung-gunungingSun bakal
ketutupan, sabab lebaking gunung iku bakal
notog ing sisihe; nuli sira bakal padha lumayu
ngungsi kaya nalika sira ngungsi marga saka
lindhu ing jamane Uzia, ratu ing Yehuda.
Pangeran Yehuwah Gusti Allahku banjur bakal
rawuh kadherekake dening sakehe para suci.
6 Ing wektu iku bakal ora ana hawa adhem
maneh utawa mangsa bedhidhing, 7 nanging
bakal ana dina -- dina iku kauningan dening
Sang Yehuwah -- kang tanpa bengi lan tanpa
awan, sarta bengi uga dadi awan.
8 Karodene ing dina iku bakal ana banyu urip
kang mili saka ing Yerusalem, kang separo mili

menyang ing sagara sisih wetan, separone mili
menyang ing sagara sisih kulon; bab iku bakal
terus mangkono ing mangsa panas lan ing
mangsa bedhidhing. 9 Sang Yehuwah nuli bakal
jumeneng Ratu, misesani salumahing bumi;
ing wektu iku mung Pangeran Yehuwah kang
jumeneng mribadeni lan mung asmane kang
ana. 10 Tlatahe tanah kono kabeh bakal malih
dadi Araba-Yordan, saka ing Geba tekan ing
Rimon ing sakidule Yerusalem. Nanging kutha
iku bakal munggul dhuwur lan tetep dumunung
ana ing panggonane, wiwit saka ing gapura
Benyamin nganti tekan ing gapura kang lawas,
yaiku gapura Pojok, lan saka menara Hananeel
tekan ing pamipitaning anggur kraton. 11 Para
wong bakal tetep pamanggone ana ing kono,
sabab panumpesan wus bakal ora ana maneh,
lan Yerusalem bakal tetep ayem tentrem.
12 Iki wewelak kang bakal kadhawahake
dening Sang Yehuwah marang sakehe bangsa
kang merangi Yerusalem: daginge wong-wong
bakal dadi bosok ing nalikane isih ngadeg lan
mripate bakal mlosoh ana ing growongane,
mangkono uga ilate bakal dadi bosok ana ing
cangkeme. 13 Ing wektu iku bakal timbul geger
gedhe kang asale saka Pangeran Yehuwah,
nganti wong-wong padha candhak-cinandhak
lan tempuh-tinempuh ing antarane kanca
padha kanca. 14 Yehuda uga bakal melu
perang nglawan Yerusalem, kasugihane
sakehe bangsa kang ana ing sakubenge bakal
kaklumpukake, yaiku mas lan salaka sarta
sandhangan kang cacahe luwih dening akeh.

15 Wewelak kaya mangkono mau iya bakal
tumempuh marang jaran, bihal lan unta sarta
kuldi, mangkono maneh sarupane kewan kang
ana ing pakemahan-pakemahan.
16 Kekarene sakehe bangsa kang wus nglurugi
perang Yerusalem, iku saben taun bakal padha
seba ngabekti marang Sang Prabu, Pangeran
Yehuwah Gustine sarwa dumadi, lan mahargya
riyaya Tancebing Tarub. 17 Nanging manawa
panunggalane para bangsa ing sajagad ora
menyang Yerusalem, seba ngabekti marang
Sang Prabu, Pangeran Yehuwah Gustine
sarwa dumadi, iku bakal ora kaparingan udan.
18 Mangkono maneh manawa golonganing
bangsa ing tanah Mesir ora seba ngadhep,
bakal kataman wewelak kang kadhawahake
dening Pangeran Yehuwah marang sakehe
bangsa, kang ora seba mahargya riyaya
Tancebing Tarub. 19 Kaya mangkono kang
bakal dadi paukumane wong Mesir, sarta
paukumane sakehe bangsa kang ora seba
mahargya riyaya Tancebing Tarub.
20 Ing wektu iku dalah klinthingan jaran
bakal ana tulisane kang muni: “Suci kagem
Pangeran Yehuwah!” Sarta sakehe kuwali
ing padalemane Sang Yehuwah dadi padha
karo bokor-bokor panyiraman ing sangarepe
misbyah. 21 Apadene sakehe kuwali ing
Yerusalem lan ing tanah Yehuda bakal padha
dadi sengkeran kagem Sang Yehuwah Gustine
sarwa dumadi; sakehe wong kang saos kurban
bakal njupuk kuwali mau, kanggo nggegodhog.
Ing wektu iku ing padalemane Pangeran

Yehuwah Gustine sarwa dumadi bakal wus ora
ana maneh wong kang dedagangan.

MALEAKHI

Irah-irahan

1:1

1 [1] Wangsiting Pangeran.
Pangandikane Sang Yehuwah marang
Israel lumantar Nabi Maleakhi.

Pangeran Yehuwah ngasihi Israel

1:2-5

[2] “Ingsun ngasihi marang sira,” -- mangkono
pangandikane Sang Yehuwah --. Nanging
sira munjuk: “Anggen Paduka ngasihi kawula
caranipun kadospundi?” “Esap iku rak
kamase Yakub,” -- mangkono pangandikane
Pangeran Yehuwah --, “ewasamono Yakub
Sunkasihi, [3] sarta Esap Sunsengiti, mulane
pagunungane Sundamel sepi mamring, sarta
bumi pusakane Sundadekake panggonane
asu ing ara-ara samun.” [4] Saupama Edom
duwe pangucap: “Aku wus padha rusak,
nanging jugrugane bakal padha dakbangun
maneh,” nuli pangandikane Sang Yehuwah
Gustine sarwa dumadi mangkene: “Wong
iku kena padha mbangun, nanging iku bakal
Sunbubrah, sarta jenenge bakal kasebut:
wewengkoning kadursilan, sarta bangsa kang
dibendoni dening Pangeran Yehuwah ing

salawas-lawase.”
5 Mripatira bakal nyipati, lan sira dhewe bakal padha ngucap mangkene: “Pangeran Yehuwah iku mahaluhur nganti tekan ing sajabaning tlatah Israel.”

Bab najisake kurban-kurban

1:6-14

6 Anak iku ngajeni bapakne, lan abdi iku ngajeni bendarane. Manawa Ingsun iku jumeneng Rama, endi pakurmatan kang marang Ingsun iku? Sarta manawa Ingsun iki dadi bendara, endi rasa wedi kang marang Ingsun iku? -- mangkono pangandikane Pangeran Yehuwah Gustine sarwa dumadi marang kowe kabeh, -- he, para imam kang ngremehake asmaningSun? Nanging sira padha munjuk pitakon: “Kanthi patrap kadospundi anggen kawula ngremehaken asma Paduka?”
7 Sira padha nyaosake roti kang najis ana ing misbyahingSun, nanging padha munjuk: “Kanthi patrap kadospundi anggen kawula najisaken?” Kanthi anggonira ngira: “Mejane Pangeran Yehuwah iku kena disepelekake.”
8 Manawa sira padha ngurbanake kewan kang picak, apa iku ora ala? Utawa manawa sira ngurbanake kang pincang utawa kang laranen, apa iku ora ala? Coba kang mangkono iku aturna marang bupatinira, apa sira ndadekake keparenge, apa maneh apa banjur nampani sira kanthi seneng? -- mangkono pangandikane Sang Yehuwah Gustine sarwa dumadi.

9 Mulane saiki: “Coba padha ngudia nglilihake
panggalihe Gusti Allah, supaya karsaa
paring kawelasan marang kita!” Sarehne
wus ana tindakira kang kaya mangkono
mau, Gusti Allah apa iya karsa nampeni
panunggalanira kanthi becik? -- mangkono
pangandikane Pangeran Yehuwah Gustine
sarwa dumadi. -- 10 Upama anaa salah sijine
panunggalanira kang gelem ngancing lawang,
supaya aja nganti sira nyumed geni ana
ing misbyahingSun tanpa guna. Sira ora
padha ndadekake keparenging galihingSun --
mangkono pangandikane Pangeran Yehuwah
Gustine sarwa dumadi, -- sarta pisungsung
kang saka ing tanganira Ingsun ora karsa
nampeni. 11 Awitdene saka ing keblat pletheke
srengenge, tekan keblat surupe, asmaningSun
luhur ana ing antarane para bangsa, sarta
ing saenggon-enggon asmaningSun kasaosan
dupa lan kurban dhaharan kang suci, awit
luhur asmaningSun ana ing antarane para
bangsa, -- mangkono pangandikane Pangeran
Yehuwah Gustine sarwa dumadi. -- 12 Nanging
sira iku padha najisake asmaningSun, amarga
sira padha ngira: “Mejane Pangeran iku
kena dinajisake, lan dhaharan ing kono kena
diremehake.” 13 Sira padha celathu: “Delengen,
sapira rekasane!” Sira banjur marakake Ingsun
ngresula, -- mangkono pangandikane Sang
Yehuwah Gustine sarwa dumadi --, lan sira
nyaosake kewan rampasan, kewan kang
pincang sarta kewan kang laranen. Iku sira
pisusungake. Apa iya iku Ingsun tampeni saka

ing tanganira? -- Mangkono pangandikane
Pangeran Yehuwah. -- 14 Kenaa ing laknat
wong kang duwe kewan lanang ana ing
antarane raja-kayane, kang wus didhewekake,
ewasamono banjur ngurbanake kewan cacad
marang Pangeran Yehuwah. Sabab Ingsun iki
Ratu kang agung, -- mangkono pangandikane
Pangeran Yehuwah Gustine sarwa dumadi, --
sarta asmaningSun diajrihi ana ing antarane
para bangsa.

Dukane Pangeran Yehuwah marang para imam

2:1-9

2 1 Anadene saiki, he para imam, dhawuh iki
kaparingake marang sira: 2 Manawa sira
padha ora ngrungokake, lan ora nengenake
ing bab ngluhurake marang asmaningSun, --
mangkono pangandikane Pangeran Yehuwah
Gustine sarwa dumadi, -- Ingsun bakal
ndhawahake wewelak ana ing tengahira,
sarta berkahira padha Sundadekake laknat,
malah wus Sundadekake laknat, awitdene sira
padha ora nggatekake. 3 Lah tanganira bakal
Sunkethok, sarta rainira Sunpopok sesuker,
yaiku tlethonge sembelehane riyayanira,
banjur sira padha kagered menyang ing
sesuker iku. 4 Temah sira padha eling yen
Ingsun kang ndhawuhake pepakon iku
marang sira, supaya tetepa prajanjianingSun
klawan Lewi, -- mangkono pangandikane
Sang Yehuwah Gustine sarwa dumadi --.

5 PrasetyaningSun klawan Lewi iku Ingsun
bakal ngganjar urip lan tentrem-rahayu, iku
kang Sunparingake, supaya Lewi bakal padha
ajrih-asih, mangka iya ajrih-asih marang
Ingsun, sarta geter awit saka asmaningSun.
6 Awit cangkeme isi piwulang kang bener
lan ing lambene ora tinemu kaculikan.
Salakune ana ing patunggilaningSun klawan
tentrem-rahayu lan kajujuran, sarta akeh
wong kang diundurake saka ing dosa. 7 Marga
lambene imam iku isi kawruh lan wong-wong
padha golek piwulang saka ing cangkeme,
awit imam iku utusane Sang Yehuwah Gustine
sarwa dumadi. 8 Nanging sira wus padha
nyimpang saka ing dalan, lan ndadekake
wong akeh padha keplesed marga saka
piwulangira; sira wus mbubrah prajanjian
klawan Lewi, -- mangkono pangandikane
Pangeran Yehuwah Gustine sarwa dumadi. --
9 Mulane Ingsun iya bakal ndadekake sira asor
lan nistha ana ing ngarepe umat iki, marga
sira ora ngambah dalan pitedahingSun, malah
anggonira memulang nganggo mawang wong.

Yehuwah ndukani Israel marga saka anggone sesomahan karo bangsa liya lan anggone nggegampang pegatan

2:10-16

10 Kita kabeh iki rak padha nduweni Rama siji,
rak Gusti Allah siji kang nitahake kita kabeh?
Yagene ta kita kok laku cidra marang sadulur
kita dhewe, iku dadine rak najisake prajanjiane

para leluhur kita? [11] Yehuda tumindak cidra,
tuwin panggawe nistha katindakake ana
ing Israel lan ing Yerusalem, awit Yehuda
wus najisake pasucen kang dikasihi Sang
Yehuwah, sarta wus dadi bojone anake
wadon allah liya. [12] Pangeran Yehuwah muga
nyirnakna wong kang nglakoni mangkono iku
dalah sakehe turune saka ing tarub-tarube
Yakub, sanajana padha nyaosi pisungsung
marang Pangeran Yehuwah Gustine sarwa
dumadi. [13] Kaping pindhone iki kang padha
koklakoni: Misbyahe Sang Yehuwah koktutupi
luh kanthi panangis lan pasambat, marga
Panjenengane wus ora karsa noleh maneh
marang pisungsungmu, sarta ora karsa
nampeni iku saka ing tanganmu. [14] Kowe
banjur padha takon: "Apa sababe?" Awit
Pangeran Yehuwah wus jumeneng dadi seksi
ing antarane kowe lan somahmu jaka-lara
kang kokcidrani, mangka iya iku mitramu, lan
somahmu tunggal saprajanjian. [15] Apa dudu
Gusti Allah kang asipat sawiji kang nitahake
wong-wong iku dadi daging lan roh? Sarta
apa kang dikarsakake ing patunggalan mau?
Turun kang saka Gusti Allah! Mulane jaganen
awakmu, aja pisan-pisan nyidrani marang
somahmu jaka-lara! [16] Awit Ingsun sengit
marang pegatan, -- mangkono pangandikane
Pangeran Yehuwah, Gusti Allahe Israel --
uga wong kang nutupi panganggone klawan
pangroda-peksa -- mangkono dhawuhe Sang
Yehuwah Gustine sarwa dumadi. Mulane
dingati-ati lan aja nindakake kaculikan.

Pangeran Yehuwah rawuh maringi paukuman

2:17--3:5

17 Kowe padha gawe sekeling galihe Sang
Yehuwah srana celathumu, ewasamono kowe
padha takon: “Anggen kula sami damel sekel
Panjenenganipun kanthi patrap kadospundi?”
Klawan ujarmu kang mangkene: “Sing sapa
gawe piala iku becik ana ing paningale Sang
Yehuwah; wong kang kaya mangkono iku
kang ndadekake keparenge, utawa manawa
ora, ana ing ngendi ta Gusti Allah kang paring
paukuman?”

3 1 Lah Ingsun nglampahake utusaningSun,
Sundhawuhi ngrata dalan ana ing
ngarsaningSun! Kalawan dadakan Pangeran
kang sira goleki iku bakal rawuh ing
padalemane! Lah Malaekate prasetyan kang
sira karepake iku rawuh --, mangkono
pangandikane Sang Yehuwah Gustine sarwa
dumadi. 2 Sapa kang bisa kuwat tahan ing
dina rawuhe lan sapa kang bisa lestari ngadeg
samangsa Panjenengane ngatingal? Marga
Panjenengane iku kaya genine pembesot
logam lan kaya sabune tukang penatu.
3 Bakal lenggah patrape kaya wong mbesot
lan ngresiki salaka; bani Lewi padha diresiki
lan dibesot kaya mas lan salaka, supaya
padha dadi wong kang nyaosake kurban kang
bener marang Sang Yehuwah. 4 Temahan
kurban sesaosane Yehuda lan Yerusalem bakal

ndadekake renaning panggalihe Pangeran
Yehuwah, kaya ing nalika jaman biyen lan
kaya ing taun-taun kang wus kepungkur.
5 Ingsun bakal nyelaki sira kabeh prelu ngasta
pangadilan lan jumeneng dadi seksi kang maju
nglawan marang para juru tenung lan para
wong laku bandrek, sarta marang wong-wong
kang nglairake sumpah palsu, tuwin marang
wong kang nindhes para buruh opahan,
para randha lan bocah lola, apadene kang
nundhung wong ngamanca, tanpa duwe rasa
wedi marang ingsun. Mangkono pangandikane
Pangeran Yehuwah Gustine sarwa dumadi.

Pisungsung prasepuluhan ndadekake renaning panggalihe Gusti Allah

3:6-12

6 Sanyata Ingsun iki Yehuwah kang ora
owah-gingsir, dene sira, he bani Yakub, ora
bakal sirna. 7 Wiwit jamane para leluhurira sira
wus padha nyimpang saka pranataningSun
lan iku ora sira tetepi. Padha balia marang
Ingsun, dadi Ingsun iya bakal mangsuli sira,
-- mangkono dhawuhe Pangeran Yehuwah
Gustine sarwa dumadi -- nanging sira padha
munjuk: “Anggen kawula sami wangsul
kadospundi patrapipun?” 8 Apa kena manungsa
ngapusi Gusti Allah, kaya anggonira ngapusi
Ingsun? Ewasamono unjukira: “Anggen
kawula sami ngapusi Paduka kadospundi
patrapipun?” Tumrap pisungsung prasepuluhan
lan pisungsung-mligi. 9 Sira wus padha kena

ing ipat-ipat, ewadene sira isih nyulikani
Ingsun, sira sabangsa kabeh. [10] Sira padha
nggawaa pisungsung prasepuluhan kabeh
menyang ing gedhong parawatan, supaya
ing padalemaningSun anaa tandhon pangan;
tumuli Ingsun titi-priksanen, -- mangkono
pangandikane Sang Yehuwah Gustine sarwa
dumadi, -- apa sira ora Sunwengani inebe
langit, sarta apa Ingsun ora ngesoki berkah
marang sira nganti luber? [11] Anadene walang
memangsa bakal Sungusah, supaya aja nganti
ngentekake pametune palemahanira, sarta wit
anggur ing kebonira aja nganti ora awoh, --
mangkono pangandikane Pangeran Yehuwah
Gustine sarwa dumadi -- [12] sarta sakehe
bangsa banjur bakal padha ngarani rahayu
marang sira, marga sira bakal dadi nagara
kasenengan. Mangkono pangandikane Sang
Yehuwah Gustine sarwa dumadi.

Kaunggulane wong bener kang wekasan

3:13-18

[13] Tembung-tembungira tumrap Ingsun
iku digsura -- mangkono pangandikane
Pangeran Yehuwah -- nanging unjukira:
“Kawula sami ngraosi Paduka kadospundi?”
[14] Celathunira mangkene: “Ngabekti marang
Gusti Allah iku ora ana gunane. Pituwase
apa ta anggonku netepi pepakone, sarta
lumaku kalawan manganggo bagor ana ing
ngarsane Yehuwah Gustine sarwa dumadi?
[15] Mulane wong sembrana dakarani rahayu,

dene kang nglakoni duraka iku padha begja,
sanadyan nyoba marang Gusti Allah, iya
padha bisa oncat.” 16 Para wong kang ngabekti
marang Sang Yehuwah padha rasanan
mangkene: “Pangeran Yehuwah ngudaneni lan
miyarsakake, apadene kitab pengetan katulis
ana ing ngarsane kanggo wong kang padha
ngabekti marang Sang Yehuwah lan kang
ngajeni asmane.” 17 Pangandikane Pangeran
Yehuwah Gustine sarwa dumadi: Wong
kang kaya mangkono iku bakal padha dadi
kagunganingSun piyambak kang Suntresnani
ing dina kang wus Suncawisake, sarta bakal
padha Suneman kaya wong kang ngeman
marang anake kang mbangun-miturut. 18 Sira
banjur bakal padha nyumurupi maneh bedane
wong kang mursid karo wong duraka, bedane
wong kang ngabekti karo kang ora ngabekti
marang Gusti Allah.

Bab dinane Pangeran Yehuwah

4:1-6

4 1 Lah dina iku bakal teka, murub kaya
pawon; sakehe wong kang sembrana
lan sarupane wong kang nglakoni duraka
bakal padha dadi kaya dami, sarta dina kang
teka iku bakal ngobong wong-wong mau,
-- mangkono pangandikane Sang Yehuwah
Gustine sarwa dumadi, -- nganti ora ngarekakake
oyod lan pange siji-sijia. 2 Balik sira kang
padha wedi marang asmaningSun, bakal
padha kaplethekan padhanging srengenge

kabeneran kang nggawa kawarasan ana
ing swiwine. Sira bakal padha metu klawan
lincak-lincak kaya pedhet kang metu saka
ing kandhang. 3 Sarta para wong duraka
iku bakal sira idak-idak, marga bakal padha
dadi awu ana ing sangisoring tlapakanira,
besuk ing dina kang Suncawisake iku, --
mangkono pangandikane Sang Yehuwah
Gustine sarwa dumadi --. 4 Padha elinga
marang Toret kang wus Sundhawuhake
marang Musa, abdiningSun, nalika ana ing
gunung Horeb, supaya kawartakna marang
Israel kabeh, yaiku pranatan-pranatan lan
pepakon-pepakon. 5 Lah sadurunge teka
dinane Sang Yehuwah kang gedhe lan kang
nggegirisi iku, Ingsun bakal ngutus Nabi Elia
marang sira. 6 Iku bakal mbalekakake atine para
bapa marang anak-anake, sarta atine para
anak marang para bapakne, supaya Ingsun
aja nganti rawuh lan nggebag bumi nganti
tumpes tapis.

MATEUS

Sarasilahe Gusti Yesus

1:1-17

Lk 3:23-38

1 1 Iki sarasilahe Gusti Yesus Kritus, tedhake
Sang Prabu Dawud, tedhake Rama
Abraham. 2 Rama Abraham peputra Iskak,
Iskak peputra Yakub, Yakub peputra Yahuda
sasadhereke; 3 Yahuda peputra Peres lan
Zerah, patutan saka Tamar; Peres peputra
Hezron, Hezron peputra Ram; 4 Ram peputra
Aminadab, Aminadab peputra Nahason,
Nahason peputra Salmon; 5 Salmon peputra
Boas patutan saka Rakhab; Boas peputra
Obed patutan saka Rut; Obed peputra
Isai, 6 Isai peputra Sang Prabu Dawud,
Sang Prabu Dawud peputra Sang Prabu
Suleman, patutan saka tilas bojone Uria,
7 Sang Prabu Suleman peputra Rehabeam,
Rehabeam peputra Abia, Abia peputra Asa,
8 Asa peputra Yosafat, Yosafat peputra
Yoram, Yoram peputra Uzia; 9 Uzia peputra
Yotam, Yotam peputra Akhas, Akhas peputra
Hizkia; 10 Hizkia peputra Manasye, Manasye
peputra Amon, Amon peputra Yosia; 11 Yosia
peputra Yekhonya sasadhereke, nalika jaman
pambuwangan menyang Babil. 12 Sawise
jaman pambuwangan menyang Babil,

Yekhonya peputra Sealtiel, Sealtiel peputra
Zerubabel; 13 Zerubabel peputra Abihud,
Abihud peputra Elyakim, Elyakim peputra
Azor; 14 Azor peputra Zadhok, Zadhok peputra
Akhim, Akhim peputra Eliud; 15 Eliud peputra
Eleazar, Eleazar peputra Matan, Matan peputra
Yakub; 16 Yakub peputra Yusuf bojone Maryam,
kang mbabar Gusti Yesus, kang jejuluk Sang
Kristus.
17 Dadi gunggunge saka Rama Abraham
tumeka Sang prabu Dawud iku ana patbelas
turunan, saka Sang Prabu Dawud tumeka
ing jaman pambuwangan menyang Babil
ana patbelas turunan lan saka jaman
pambuwangan menyang Babil tumeka Sang
Kristus patbelas turunan.

Miyose Gusti Yesus

1:18-25

Lk 2:1-7

18 Anadene miyose Gusti Yesus Kristus iku
sejarahe mangkene: Nalika Maryam kang
ibu lagi pacangan karo Yusuf, sadurunge
tunggal sapaturon, tinemu wus ngandheg
marga saka Sang Roh Suci. 19 Sarehne Yusuf
bojone iku wong mursid sarta ora gelem
mirangake Maryam ana ing ngarepe wong
akeh, mulane sumedya medhot pepacangane
kanthi sidheman. 20 Nanging bareng lagi
duwe gagasan mangkono iku, tumuli ana
malaekating Pangeran ngatingali sajroning
pangimpen, dhawuhe: “He, Yusuf, tedhake

Dawud, aja sumelang anggonmu ngepek
Maryam dadi bojomu, awit Putra kang
kabobotake iku marga saka Roh Suci, [21] sarta
Maryam bakal mbabar putra kakung, iku
namakna Yesus; awit iya iku kang bakal
ngluwari bangsane saka ing dosane.” [22] Bab
iku anggone kalakon supaya kayektenana
apa kang kapangandikakake dening Pangeran
lumantar nabi mangkene: [23] “Lah, sang kenya
bakal nggarbini sarta mbabar putra kakung,
kang asmane bakal sinebut Emanuel, tegese:
Gusti Allah nunggil kalawan kita.” [24] Yusuf
satangine turu banjur ngestokake kaya kang
didhawuhake dening malaekating Pangeran,
Maryam dipek bojo, [25] nanging ora diwori turu,
nganti tumekane wis mbabar putra, kang
banjur dinamakake Yesus.

Tekane para pandhita

2:1-12

2 [1] Nalika Gusti Yesus wus miyos ana ing
kutha Betlehem ing tanah Yudea, yaiku
nalika jumenenge Sang Prabu Herodhes,
banjur ana pandhita-pandhita saka ing tanah
wetan padha teka ing kutha Yerusalem [2] lan
takon-takon:“Ratunipun tiyang Yahudi ingkang
nembe miyos punika wonten ing pundi? Margi
kula sampun sami sumerep lintangipun wonten
ing wetan, dene anggen kula mriki punika
badhe sami sujud wonten ing ngarsanipun.”
[3] Bareng Sang Prabu Herodhes miyarsa kang
mangkono iku, banget getere, mangkono

uga wong sakutha Yerusalem kabeh. 4 Sang
Prabu banjur nimbali sakehe para pangareping
imam lan para ahli Toret bangsa Yahudi, lan
padha didangu ana ngendi bakal miyose Sang
Kristus iku. 5 Unjuke kang padha kadangu:
“Wonten ing kitha Betlehem ing tanah Yudea,
awit ingkang sampun kaseratan dening
nabi makaten: 6 Anadene sira, he Betlehem
ing tanah Yahuda, sira iku babar pisan ora
kuciwa ana ing antarane para kang ngasta
paprentahan ing tanah Yahuda, amarga saka
sira bakal ana panutan kang miyos, kang bakal
ngengon umatingSun Israel.”
7 Sang Prabu Herodhes banjur nimbali para
pandhita mau kanthi dhedhemitan, padha
kadangu genah-genahe wektu katoning
lintange; 8 nuli padha didhawuhi menyang ing
Betlehem sarta kaweling: “Padha mangkata,
titi-priksanen sing tlesih bab Sang Timur
iku, dene samangsa wus ketemu, enggal
padha ngunjukana uninga marang aku,
supaya aku iya bisa mrana ngabekti marang
Panjenengane.” 9 Para pandhita sawise
nampani pangandikane Sang Nata, banjur
padha mangkat. Lah ing kono lintang kang
wus dideleng ana ing wetan, iku ndhisiki
lakune tumeka ing padunungane Sang Timur
lan mandheg ing sandhuwure. 10 Bareng
weruh lintang mau, padha banget bungahe.
11 Banjur padha lumebu ing omah lan ndeleng
Sang Timur karo Maryam kang ibu, nuli padha
sumungkem sujud marang Panjenengane.
Banjur padha mbukaki pethine raja-brana,

Panjenengane disaosi pisungsung arupa mas,
menyan lan blendok mur. [12] Sawise mangkono,
sarehne padha tampa wangsiting Pangeran ing
sajroning pangimpen, supaya aja bali sowan
ing ngarsane Sang Prabu Herodhes, mulane
mulihe menyang tanahe padha metu ing dalan
liyane.

Gusti kaungsekake menyang ing tanah Mesir

2:13-15

[13] Sapungkure para pandhita mau lah tumuli
ana malaekating Pangeran, kang ngatingali
marang Yusuf ing sajroning pangimpen lan
dhawuh:"Tangia, Sang Timur lan kang ibu
ungsekna menyang ing tanah Mesir, sarta
manggona ing kana nganti Ingsun paring
pangandika marang sira; mulane mangkono
awit Herodhes bakal nggoleki Sang Timur arep
disedani." [14] Yusuf tangi lan ing bengi iku uga
Sang Putra dalah kang ibu diajak ngungsi
menyang ing tanah Mesir, [15] lan manggon ing
kana nganti sasedane Sang Prabu Herodhes.
Mangkono dadine kayektenan apa kang
kapangandikakake dening Pangeran lumantar
nabi: "Saka ing tanah Mesir anggoningSun
nimbali PutraningSun."

Tumpese bocah-bocah ing kutha Betlehem

2:16-18

16 Bareng Sang Prabu Herodhes ngertos yen
Panjenengane dicidrani dening para pandhita,
banget dukane, banjur dhawuh mateni
sakehe bocah lanang ing kutha Betlehem
salaladane, kang umur rong taun sapangisor,
manut wektu anggone angsal katrangan saka
para pandhita. 17 Ing kono kayektenan kang
kapangandikakake dening Nabi Yeremia:
18 "Ana swara kaprungu ing kutha Rama,
panangis lan pangadhuh kang sora; Rakhel
nangisi anak-anake lan emoh kalipur, awit
anak-anake wus padha ora ana."

Kondure Gusti saka ing tanah Mesir

2:19-23

19 Bareng Sang Prabu Herodhes wus seda,
ana malaekating Pangeran kang ngatingali
marang Yusuf ing sajroning pangimpen ana ing
tanah Mesir, kang dhawuh: 20 "Tangia, Sang
Timur lan kang ibu jaken bali menyang tanah
Israel, amarga sing padha ngarah sedane Sang
Timur wus padha mati." 21 Yusuf tangi, Sang
Putra lan kang ibu diajak bali menyang tanah
Israel. 22 Ananging bareng krungu warta, yen
Pangeran Arkhelaus nggentosi kang Rama
Sang Prabu Herodhes jumeneng nata ana ing
tanah Yudea, dadi sumelang yen mranaa.
Nanging sarehne tampa wangsiting Allah ing

sajroning pangimpen, banjur ngener menyang
ing tlatah tanah Galilea. 23 Satekane ing kono,
tumuli manggon ing kutha kang aran Nasaret.
Kang mangkono iku supaya kayektenana kang
kapangandikakake dening para nabi, yen Gusti
Yesus bakal kasebut: wong Nasaret.

Nabi Yokanan Pambaptis

3:1-12

Mk 1:1-8; Lk 3:3-9, 15-17; Yo 1:19-28

3 1 Ing nalika samana Nabi Yokanan
Pambaptis rawuh ing ara-ara samun
ing tanah Yudea, nggelarake piwulang,
pangandikane: 2 "Padha mratobata, amarga
Kratoning Swarga wus cedhak!" 3 Dene sateme
iya Nabi Yokanan iku kang kapangandikakake
dening Nabi Yesaya mangkene:"Ana swara
kang nguwuh-uwuh ana ing ara-ara samun:
Padha nyawisna margining Pangeran, lurung-
lurunge padha lencengna." 4 Nabi Yokanan
iku pangagemane kang kagawe wulu unta,
sarta apaningset walulang; kang kadhahar
walang lan madu alas. 5 Banjur diparani
dening wong-wong saka ing kutha Yerusalem,
saka ing tanah Yudea kabeh lan saka ing
wewengkon sakiwatengene bengawan Yarden.
6 Wong-wong mau tumuli padha dibaptisi
dening Nabi Yokanan ana ing bengawan Yarden
kalawan ngakoni dosane.
7 Nanging bareng Nabi Yokanan mirsa wong
Farisi lan wong Saduki akeh kang padha
teka sarta nyuwun kabaptis, banjur padha

dipangandikani mangkene: “Heh, tetesaning
ula bedhudhak, sapa kang akon kowe nyingkiri
bebendu kang bakal teka? [8] Yen mangkono
padha metokna woh kang sembada marang
pamratobat. [9] Lan aja padha duwe pikiran
mangkene: Aku rak trahe Rama Abraham. Awit
aku pitutur marang kowe, sanadyan saka watu
iki Gusti Allah kuwaos mijilake anak kanggo
trahe Rama Abraham. [10] Karodene wadung
wus cumawis ing poking wit-witan; saben wit
kang ora metokake woh kang becik, mesthi
kategor lan kacemplungake ing geni. [11] Aku iki
mbaptisi kowe kabeh nganggo banyu amrih
patobatmu, nanging kang bakal rawuh nungka
aku, iku luwih kuwasa tinimbang aku lan mbok
nyopot ageme trumpah bae aku ora pantes.
Iku bakal mbaptisi kowe kalawan Roh Suci lan
geni. [12] Panjenengane wus ngasta tampah;
panutone bakal diresiki nganti tapis sarta
gandume bakal diklumpukake ing lumbung,
nanging mrambute bakal diobong ing geni
kang ora kena sinirep.”

Gusti Yesus dibaptis Nabi Yokanan

3:13-17

Mk 1:9-11; Lk 3:21-22; Yo 1:32-34

[13] Nalika samana Gusti Yesus saka ing tanah
Galilea rawuh ing bengawan Yarden murugi
Nabi Yokanan, karsane supaya dibaptisa.
[14] Nanging nabi Yokanan menggak, unjuke:
“Kawula ingkang prelu Paduka baptis, lah kok
Paduka ngrawuhi kawula.” [15] Nanging Gusti

Yesus paring wangsulan, pangandikane: “Wis
ta, cikben, amarga iya mangkono iku patute
Aku lan kowe padha netepi sakehe kabeneran.”
Nabi Yokanan tumuli sumarah. 16 Sawise
kabaptis Gusti Yesus banjur mentas saka ing
banyu, lah ing kono langit tumuli piyak lan
Panjenengane mirsa Rohing Allah tumedhak
pindha manuk dara, anedhaki Panjenengane.
17 Banjur ana swara saka ing swarga, kang
ngandika: “Iki PutraningSun, kekasihingSun,
kang ndadekakake renaning panggalihingSun.”

Gusti Yesus kagodha dening Iblis

4:1-11

Mk 1:12-13; Lk 4:1-13

4 1 Sawuse mangkono Gusti Yesus katuntun
dening Roh menyang ing ara-ara samun
supaya kagodha dening Iblis. 2 Salebare
siyam patang puluh dina patang puluh
bengi, wekasan kerapan. 3 Juru panggodha
banjur sowan ing ngarsane sarta munjuk
mangkene: “Manawi Panjenengan Putraning
Allah, sumangga sela-sela punika Panjenengan
sabdakaken dados roti.” 4 Nanging Gusti Yesus
paring wangsulan, pangandikane: “Ana tulisan
mangkene: Uripe manungsa iku ora mung
saka roti bae, nanging saka sakabehing sabda
kang miyos saka ing lesaning Allah.”
5 Iblis tumuli nggawa Gusti Yesus menyang
ing kutha Suci lan dijumenengake ana ing
dhuwur payone Padaleman Suci, 6 banjur
munjuk mangkene: “Manawi Panjenengan

Putraning Allah, sumangga kula aturi anjlog
mangandhap, awit wonten seratan makaten:
Pangeran bakal ndhawuhi para malaekate
tumrap sira, sarta sira bakal ditadhahi ing
tangane, supaya sikilira aja nganti kesandhung
ing watu.” 7 Pangandikane Gusti Yesus: “Ana
maneh tulisan mangkene:Sira aja nyoba
Pangeran Allahira.” 8 Gusti Yesus banjur
digawa Iblis maneh munggah ing gunung kang
dhuwur banget lan diaturi mirsani sakehe
krajan ing donya dalasan kamulyane, 9 nuli
munjuk mangkene: “Punika sadaya badhe kula
caosaken dhateng Panjenengan, anggeripun
Panjenengan sumungkem sujud dhateng
kula.” 10 Ing kono Gusti Yesus banjur ngandika
marang Iblis:“Wis, lungaa, setan!” Sabab
ana tulisan mangkene: Pangeran Allahira
kang kudu sira sembah lan Panjenengane
Piyambak kang kudu sira abekteni.” 11 Iblis
banjur lengser saka ing ngarsane Gusti Yesus;
lah ing kono tumuli ana malaekat-malaekat
kang padha sowan lan ngladosi Panjenengane.

Gusti Yesus pindhah menyang ing kutha Kapernaum

4:12-17

Mk 1:14-15; Lk 4:14-15

12 Bareng Gusti mireng pawarta, yen nabi
Yokanan wus kacepeng, Panjenengane banjur
tindak sumingkir menyang ing tanah Galilea,
13 pindhah saka Nasaret lan dedalem ana ing
kutha Kapernaum, ing sapinggiring sagara ing

laladan tanah Zebulon lan Naftali, 14 supaya
kayektenana kang kapapangandikakake
dening Nabi Yesaya mangkene:

15 "Tanah Zebulon lan tanah Naftali, dalan
menyang ing sagara, ing sabrange
bengawan Yarden, tanah Galilea
panggonane bangsa-bangsa liya,

16 bangsa kang manggon ing pepeteng,
iku wus ndeleng Papadhang kang
gedhe, sarta wong kang padha
manggon ing tanah kang kalimputan ing
wewayangning pati, iku wus kaplethekan
Pepadhang."

17 Wiwit nalika iku Gusti Yesus nggelarake
piwulang, pangandikane: "Padha mratobata,
amarga Kratoning Swarga wus cedhak!"

Gusti Yesus wiwit angsal sakabat

4:18-22

Mk 1:16-20; Lk 5:1-11

18 Nalika Gusti Yesus pinuju tindak urut
pinggiring sagara Galilea, mirsa wong loro
padha sadulur, yaiku Simon kang karan
Petrus karo Andreas sadulure, lagi padha
nibakake jala ing sagara, amarga padha dadi
juru-amek-iwak. 19 Banjur padha didhawuhi:
"Ayo, padha melua Aku, kowe padha bakal
Dakdadekake juru-amek-wong." 20 Sanalika
banjur padha ninggal jalane, ndherekake
Gusti Yesus. 21 Sabanjure nalika tindak saka
kono, Panjenengane mirsa wong loro maneh,
uga padha sadulur, yaiku Yakobus anake

Zebedheus karo Yokanan sadulure, ana ing
prau lagi ngrewangi Zebedheus bapakne
anggone nyulami jalane, banjur padha
ditimbali
22 Sanalika padha ninggal praune lan
bapakne, nuli ndherekake Gusti Yesus.

Gusti Yesus wiwit lelana nggelarake Injil

4:23-25

Lk 6:17-19

23 Gusti Yesus tumuli ndlajahi satlatahe tanah
Galilea kabeh, memulang ana ing papan-papan
pangibadahe wong kono, sarta nggelarake
Injiling Kraton, apadene nyarasake sarupane
lelara lan sarupane memala, kang tinemu
ing satengahing bangsa kono.
24 Pawarta bab
Panjenengane iku banjur sumebar ing tanah
Siria kabeh; sakehe wong, kang nandhang
lelara banjur padha disowanake menyang
ing ngarsane, kang rupa-rupa lelarane lan
sangsarane, wong kasurupan, wong ayan
lan wong lumpuh, tumuli padha diwarasake.
25 Wong akeh padha gumrudug ndherekake
tindake, pinangkane saka ing tanah Galilea,
ing Dekapolis, ing Yerusalem lan ing tanah
Yudea tuwin ing sabrange bengawan Yarden.

PIWULANGE GUSTI ANA ING GUNUNG

5:1-16

Wong apa kang rahayu

5:1-12

Lk 6:20-23

5 1 Bareng Gusti Yesus mirsa wong akeh
iku, banjur minggah ing gunung lan
sawise lenggah, para sakabate padha ngadhep
ing ngarsane. 2 Tumuli Gusti Yesus medhar
pangandika, paring piwulang, pangandikane:
3 "Rahayu wong kang mlarat ing budi, awit
iku kang padha nduweni Kraton ing
Swarga.
4 Rahayu wong kang prihatin, awit iku bakal
padha kalipur.
5 Rahayu wong kang alus ing budi, awit iku
bakal padha tampa warisan bumi.
6 Rahayu wong kang kaluwen lan ngelak
marang kasampurnan, awit iku kang
bakal padha kawaregan.
7 Rahayu wong kang ambek welasan, awit
iku bakal padha oleh piwelas.
8 Rahayu wong kang resik atine, awit iku
bakal padha sumurup marang Allah.
9 Rahayu wong kang dhemen ngrukunake,
awit iku bakal padha kasebut para
putraning Allah.

10 Rahayu wong kang dikaniaya marga saka kayekten, awit iku kang padha nduweni Kratoning Swarga.

11 Rahayu kowe, manawa marga saka Aku kowe diwewada lan dikaniaya sarta dipitenah.

12 Padha bungaha lan sukarenaa, sabab gedhe ganjaranmu ana ing swarga, awit iya kaya mangkono anggone wong-wong padha nganiaya para nabi sadurunge kowe."

Bab uyahing bumi lan pepadhanging jagad

5:13-16

13 "Kowe iku padha dadi uyahing bumi. Lah yen uyah iku ilang asine, apa kang kanggo mulihake asine? Wis ora ana gunane maneh kajaba mung dibuwang lan diidak-idak ing wong.

14 Kowe iku padha dadi pepadhanging jagad. Kutha kang ana ing dhuwur gunung iku ora
bisa kaling-kalingan.
15 Lan maneh wong nyumed diyan iku ora banjur dikurebi tompo, nanging ditumpangake ing jodhog, supaya bisa
madhangi wong saomah kabeh.
16 Samono uga padhangmu iya sorotna marang wong, supaya iku padha sumurup marang tindak-tandukmu kang becik, temah padha ngluhurake Ramamu kang ana ing swarga."

BAB NETEPI ANGGER-ANGGER

5:17-48

Bab kabeneran kang sampurna

5:17-20

Lk 6:27-36

17 “Kowe aja padha duwe pangira, yen
tekaKu iku arep nyuwak Toret utawa kitabe
para nabi. TekaKu ora nyuwak, nanging
malah nindakake. 18 Awit satemene pituturKu
marang Kowe: Nganti sirnane langit lan bumi
iki, angger-angger ora bakal sirna saiyot
utawa sacorek, sadurunge iku kabeh kalakon.
19 Mulane sing sapa ngorakake salah sawijining
pepakon iki, sanadyan kang cilik dhewe,
sarta memulang mangkono marang wong,
iku bakal oleh papan kang asor dhewe ana
ing Kratoning Swarga. Nanging sing sapa
nindakake lan mulangake kabeh pepakoning
Toret, iku bakal oleh papan kang dhuwur ana
ing Kratoning Swarga. 20 Mulane pituturKu
marang kowe: Manawa kasampurnanmu ora
ngungkuli kabeneraning para ngulama lan para
wong Farisi, kowe mesthi ora bakal lumebu
Kratoning Swarga.”

Bab memateni

5:21-26

21 “Kowe wus padha krungu, yen para leluhur
padha kaparingan pangandika mangkene:
Sira aja memateni, sing sapa memateni
kudu diukum. 22 Nanging Aku pitutur marang
kowe: Sing sapa nepsu marang sadulure,
kudu diukum; sing sapa ngunekake sadulure:
kapir, kudu diukum dening pangadilan agama,
lan sing sapa ngunekake; gemblung, mesthi
kacemplungake ing naraka murub.
23 Mulane manawa kowe nggawa pisungusng
menyang misbyah, mangka banjur kelingan
yen sadulurmu lagi sengit karo kowe,
24 pisungsungmu tinggalen ana ing ngarepe
misbyah kono, nuli maranana sadulurmu mau,
rukuna dhisik, sawuse banjur balia, nyaosna
pisungsungmu.
25 Endang rukuna karo lelawananmu nalika
lagi lumaku bebarengan menyang pangadilan,
supaya kowe aja nganti diladekake dening
lelawananmu mau marang jaksa, jaksa
banjur masrahake kowe marang pambantune,
temahan kowe dilebokake ing pakunjaran.
26 Satemene pituturKu marang kowe: kowe
ora bakal metu saka ing kono, sadurunge
kowe nyaur utangmu nganti sah.”

Bab laku jina

5:27-32

27 “Kowe wus padha krungu pangandika
mangkene: Sira aja laku jina! 28 Nanging Aku
pitutur marang kowe: Sing sapa mandeng
wong wadon kalawan nduweni krenteg marang
dheweke, iku wus laku jina sajroning atine.
29 Mulane manawa mripatmu tengen dadi
jalaraning piala, cuplaken banjur buwangen,
amarga luwih becik kelangan salah sawijining
peranganing badanmu katimbang badanmu
sakojur kacemplungake ing naraka. 30 Lan
maneh manawa tanganmu tengen dadi
jalaraning piala, kethoken banjur buwangen,
amarga luwih becik kelangan salah sawijining
peranganing badanmu katimbang badanmu
sakojur kacemplungake ing naraka.
31 Uga ana pangandika mangkene: Sing sapa
megat bojone, kudu menehi layang pegat.
32 Nanging Aku pitutur marang kowe: Sing
sapa megat bojone ora jalaran saka laku jina,
iku ndadekake bojone laku jina lan sing sapa
ngrabeni wong wadon mau, dadi laku jina.”

Bab Supata

5:33-37

33 “Kowe wus padha krungu, yen para leluhur
padha tampa pangandika mangkene: Aja
nglairake sumpah palsu, nanging tetepana
sumpahira ana ing ngarsaning Pangeran.

34 Nanging Aku malah pitutur marang kowe: Aja supata babar pisan, dadia demi swarga,
awit iku dhamparing Allah, 35 dadia demi bumi,
awit iku ancik-anciking sampeyane, dadia demi Yerusalem, awit iku kuthane Sang Nata
Agung. 36 Iya aja supata demi sirahmu, awit kowe ora bisa mutihake utawa ngirengake
rambutmu saele bae. 37 Yen iya, kandhaa: iya,
yen ora, kandhaa: ora. Saluwihe saka iku, asale saka pangawak dursila."

Bab wewales

5:38-42

38 "Kowe wus padha krungu pangandika mangkene: Mripat winales mripat, untu
winales untu. 39 Nanging Aku pitutur marang
kowe: Kowe aja nglawan marang wong kang gawe piala marang kowe, malah sapa kang nangani pipimu tengen, pipimu kiwa uga
ulungna pisan. 40 Lan manawa ana wong
kang arep prakaran karo kowe, sedyane ngepek klambimu, jubahmu pasrahna pisan.
41 Apadene manawa kowe dipeksa dikon ngiringake lakune wong samil, iringna nganti
rong mil. 42 Yen ana wong njejaluk marang
kowe, wenehana lan aja nulak wong kang arep utang marang kowe."

Bab tresna ing sapadha-padha

5:43-48

43 “Kowe iya wus padha krungu pangandika:
Sira tresnaa marang sapepadhanira lan sengita
marang mungsuhira! 44 Nanging aku malah
pitutur marang kowe: Padha tresnaa marang
mungsuhmu; wong kang nganiaya kowe padha
dongakna slamet, 45 supaya kowe padha
katitika, yen dadi putrane Ramamu kang
ana ing swarga, kang mlethekakake srengenge
marang wong ala lan wong becik, sarta
nurunake udan marang wong kang ambek adil
lan kang ora. 46 Dene manawa kowe tresna
marang wong kang nresnani kowe, iku kowe
oleh pituwas apa? Para juru-mupu-beya rak ya
tumindak mangkono, ta? 47 Lan manawa kowe
aweh salam mung marang sadulur-sadulurmu
bare, kaluwihanmu apa? Wong kapir rak ya
tumindak mangkono, ta? 48 Mulane kowe
padha sampurnaa, kaya Ramamu ing swarga
iya sampurna.”

TUTUGE PIWULANG ANA ING GUNUNG

6:1-34

Bab dedana

6:1-4

6 [1] "Padha dieling, aja padha nglakoni
kawajibaning agamamu ana ing
sangareping wong, supaya katona ing wong
iku, awit yen mangkono, kowe ora bakal oleh
peparing apa-apa saka Ramamu kang ana
ing swarga. [2] Mulane yen kowe dedana, aja
kokjuwarakake kaya adate para wong lamis
ana ing papan-papan pangibadah lan ing
lurung-lurung, pamrihe supaya dialem ing
wong. Satemene Aku pitutur marang kowe, iku
wus padha tampa pituwase. [3] Nanging manawa
kowe dedana, tanganmu kiwa aja nganti
sumurup apa kang ditindakake tanganmu
tengen. [4] Dadi anggonmu dedana iku aja
nganti katon; Ramamu kang nguningani
tindakmu kang ora katon iku, bakal paring
piwales marang kowe."

Bab ndedonga

6:5-15

Lk 11:2-4

[5] "Dene manawa kowe padha ndedonga,
aja kaya para wong lamis, amarga iku

padha seneng ndedonga adeg-adegan ana ing
papan-apan pangibadah lan ing pojok-pojoking
lurung, pamurihe supaya katona ing wong.
Satemene pituturKu marang kowe: Iku wus
padha tampa pituwase. 6 Nanging manawa
kowe ndedonga, lumebua ing kamarmu,
lawange inebna, banjur ndedongaa marang
Ramamu kang ora katon. Dene Ramamu kang
mirsa tindakmu kang ora katon iku bakal
paring piwales marang kowe.
7 Apamaneh, sajrone ndedonga, aja nganggo
tembung akeh-akeh kaya adate wong kapir,
awit iku padha nduweni pangira, yen marga
saka akehing tembunge, pandongane bakal
kabul. 8 Dadi aja tiru-tiru wong iku, awit
Ramamu mirsa apa sing kokbutuhake,
sadurunge kowe matur. 9 Marga saka iku
ndedongaa mangkene:

Dhuh, Rama kawula ingkang wonten ing swarga,
Asma Paduka mugi kasucekaken.
10 Kraton Paduka mugi rawuh.
Karsa Paduka mugi kalampahan wonten ing bumi
kadosdene wonten ing swarga.
11 Kawula mugi kaparingan rejeki kawula sacekapipun ing dinten punika.
12 Saha Paduka mugi ngaputen kalepatan kawula, kadosdene kawula inggih ngapunteni tetiyang ingkang kalepatan dhateng kawula.
13 Punapa dene kawula mugi sampun ngantos katandukakaken dhateng ing panggodha,

nanging mugi sami Paduka uwalaken
saking piawon. [Awitdene Paduka
ingkang kagungan Kraton saha wisesa
tuwin kamulyan salami-laminipun.
Amin.]

14 Sabab, manawa kowe padha ngapura
kaluputaning wong,
Ramamu ing swarga iya bakal ngapura
marang kowe.

15 Nanging manawa kowe ora ngapura
marang wong, Ramamu iya bakal ora ngapura
kaluputanmu.”

Bab pasa

6:16-18

16 “Anadene manawa kowe padha pasa,
ulatmu aja kokgawe aclum kaya para wong
lamis, awit iku padha nyengungusake ulate,
supaya wong-wong padha weruh yen lagi
pasa. Satemene pituturKu marang kowe: iku
wus padha tampa pituwase. 17 Nanging kowe
manawa pasa, sirahmu lenganana lan raupa,
18 supaya anggonmu pasa aja katara wong,
ngemungna kauningan ing Ramamu kang
ana ing papan kang ora katon. Ing mengko
Ramamu kang mirsa kang ora katon iku bakal
paring piwales marang kowe.”

Bab nglumpukake bandha lan bab diyaning badan

6:19-23

19 “Aja padha nglumpukake bandha ana
ing donya; ana ing donya bakal kena ing
renget lan taiyeng kang ngrusak, sarta bisa
katekan maling kang mbabah lan nyolong.
20 Nanging padha nglumpukna bandha ing
swarga, kang ora bakal kena ing renget lan
tiyeng kang ngrusak lan ora bakal katekan
maling kang mbabah lan nyolong. 21 Amarga
ing ngendi dunune bandhanmu, iya ana ing
kono dunune atimu.
22 Diyaning badan iku mripat; manawa
mripatmu waras, badanmu sakojur
kapadhangan. 23 Nanging manawa mripatmu
cacad, badanmu dadi peteng kabeh. Dadi
manawa pepadhang kang ana ing kowe dadi
peteng, saiba ta petenge iku.”

Bab ngrangkep pangawulan lan bab sumelang

6:24-34

Lk 12:22-31

24 “Ora ana wong kang bisa ngrangkep
pangawulan, awit ora wurung bendarane kang
siji bakal disengiti; sijine ditresnani, utawa
bakal setya marang kang siji lan nyepelekake
marang sijine. Kowe ora bisa ngawula marang
Allah lan marang Mamon.

25 Mulane Aku pitutur marang kowe: Aja
padha sumelang ing bab uripmu, bab apa
kang bakal kokpangan utawa kokombe, lan
bab badanmu, apa kang bakal kokanggo.
Ajine urip iku apa ora ngungkuli pangan, lan
ajine badan ngungkuli sandhangan? 26 Padha
delengen manuk-manuk ing awang-awang,
padha ora nyenyebar lan ora derep, sarta
ora tetandho ana ing lumbung, ewadene
padha kaparingan pakan dening Ramamu
kang ana ing swarga. Apa kowe ora kinacek
luwih banget katimbang karo manuk-manuk
iku? 27 Sapa ta panunggalanmu kang bisa
nyambungi umure saasta bae marga saka
sumelang? 28 Mangkono maneh yagene kowe
padha sumelang bab sandhang-panganggo?
Padha nyawanga kembang bakung ing
ara-ara anggone tumuwuh, ora nganggo
nyambut-gawe lan ngantih. 29 Ewadene Aku
pitutur marang kowe: Sanadyan Raja Suleman
sajrone sagunging kaluhurane, pangagemane
ora madhani salah sawijining kembang iku.
30 Mulane yen suket ing ara-ara kang dina iki
isih ana, sesuk diobong, iku dipanganggoni
nganti kaya mangkono dening Allah, saya
maneh kowe, heh, wong kang cupet ing
pangandel! 31 Awit saka iku aja padha
sumelang lan calathu: Kang padha dakpangan
apa? Utawa: Kang padha dakombe apa?
Lan maneh: Kang padha daksandhang apa?
32 Awit iku kabeh diupaya dening para wong
kapir; kowe aja mangkono, awit Ramamu
ing swarga wus mirsa, yen iku mau kabeh

dadi kabutuhanmu. 33 Ananging Kratoning
Allah lan kasampurnane, iku padha upayanen
dhisik, nuli samubarang iku mau kabeh bakal
diparingake marang kowe. 34 Mulane aja
padha sumelang ing bab dina sesuk, amarga
dina sesuk iku kadunungan kasusahan dhewe.
Kasusahan sadina, wus cukup kanggo sadina.”

TUTUGE PIWULANG ANA ING GUNUNG

7:1-29

Bab ngukumi

7:1-5

Lk 6:37-38, 41-42

7 1 “Aja padha netepake alaning wong,
supaya kowe iku aja katetepake alamu.
2 Amarga wewaton kang kokanggo ngukumi
ala-beciking wong, yaiku kang bakal dianggo
ngukumi ala-becikmu. Sarta takeran kang
kokanggo nenaker, yaiku kang bakal dianggo
naker kowe. 3 Kapriye dene kowe weruh tatal
kang ana ing mripate sadulurmu, mangka
glondhong kang ana ing mripatmu dhewe,
kowe kok ora weruh? 4 Kapriye dene kowe kok
bisa kandha karo sadulurmu: Coba, tatal sing
ana ing mripatmu iku dakilangane, mangka
mripatmu dhewe ana glondhonge? 5 Heh,
wong lamis, ilangana dhisik glondhong sing
ana ing mripatmu, mengko kowe bakal kanthi

pramana anggonmu ngilangi tatal sing ana ing mripate sadulurmu.”

Bab barang kang suci lan pangaji

7:6

6 “Bareng kang suci aja kokwenehake marang asu, lan mutyaramu aja kokuncalake marang ngarepe babi, supaya ora diidak-idak sarta banjur minger nyempal-nyempal kowe.”

Bab ngantepi ing pandonga

7:7-11

Lk 11:9-13

7 “Padha nyenyuwuna, temah bakal kaparingan. Padha golek-goleka, temah bakal oleh. Padha thothok-thothoka, temah
bakal kawenganan. 8 Sabab saben wong kang nyuwun, bakal tampa, sing golek bakal oleh lan sing thothok-thothok iku bakal kawenganan
lawang. 9 Apa ana panunggalanmu kang
dijaluki roti anake, kok menehi watu, 10 utawa
yen dijaluki iwak, kok menehi ula? 11 Dadine
yen kowe kang ala padha mangreti ing bab paweweh kang becik marang anak-anakmu, saya maneh Ramamu kang ana ing swarga, mesthi peparing kang becik marang wong sing padha nyenyuwun marang Panjenengane.”

Dalan kang bener

7:12-14

[12] “Mulane apa sing kokkarepake ing bab
tumindake wong marang kowe, iku iya etrapna
marang wong, amarga iya mangkono iku
surasane Toret lan kitabe para nabi.
[13] Padha lumebua metu ing lawang kang
ciyut, awit amba lawange lan jembar dalane
kang anjog ing karusakan, mangka akeh wong
kang padha metu ing kono. [14] Kosok baline
ciyut lawange lan rupit dalane kang anjog ing
urip, mangka mung sathithik wong kang nemu
iku.”

Piwulang kang nasar

7:15-23

[15] “Sing waspada marang para kang
mindha-mindha nabi, kang padha nekani
kowe kanthi nyamur dadi wedhus gembel,
mangka sajatine iku asu ajag kang galak.
[16] Iku bakale padha katitik marang kowe saka
wohe. Apa ana thethukulan eri kok awoh
anggur, utawa rerungkudan kok metokake woh
anjir? [17] Dadine wit kang becik metokake woh
becik, wit kang geringen wohe iya ora apik.
[18] Wit kang becik ora bisa metokake woh kang
ala, lan wit kang geringen ora bisa metokake
woh kang becik. [19] Sarupane wit kang ora
metokake woh kang becik, mesthi kategor

lan banjur kacemplungake ing geni. [20] Dadine
wong-wong mau bakal katitik saka wohe.
[21] Kang bakal lumebu ing Kratoning Swarga
iku dudu angger wong kang ngucap marang
Aku: Gusti, Gusti, nanging mung wong kang
nglakoni sakarsane RamaKu kang ana ing
swarga. [22] Ing dina wekasan bakal akeh wong
kang padha matur marang Aku: Gusti, Gusti,
punapa kawula boten sampun medhar wangsit
atas asma Paduka, sarta sampun nundhungi
dhemit atas asma Paduka, punapa malih
sampun ngawontenaken mukjijat kathah
atas asma Paduka? [23] Ing wektu iku bakal
padha dakblakani mangkene: Aku durung tau
wanuh karo kowe. Padha sumingkira saka
ing ngarepKu, heh, wong kang padha gawe
duraka.”

Bab ngrungokake lan nglakoni

7:24-29

Lk 6:47-49

[24] “Mulane saben wong kang ngrungokake
pituturKu lan banjur dilakoni, iku kayadene
wong pinter, kang ngadegake omahe ana ing
padhasan. [25] Bareng udan deres, banjur banjir
sarta ana angin gedhe, kang nempuh omah
mau, nanging ora ambruk, amarga katelesan
ing padhasan. [26] Nanging saben wong kang
ngrungokake pituturKu mangka ora dilakoni,
iku upamane kaya wong kang gemblung,
kang ngadegake omahe ana ing pawedhen.
[27] Bareng udan deres, terus banjir, sarta ana

angin gedhe, kang nempuh omah mau banjur ambruk lan banget rusake.”

[28] Kacarita, bareng Gusti Yesus wus mungkasi pangandikane iku mau, wong kabeh padha gumun banget marang piwulange, [29] jalaran anggone mulang kaya kang kagungan panguwasa, ora kaya para ahli Toret.

Wong lara budhugen kawarasake

8:1-4

Mk 1:40-45; Lk 5:12-16

8 [1] Bareng Gusti Yesus tumedhak ing gunung, banjur kadherekake wong
pirang-pirang gegolongan. [2] Lah ing kono ana
wong budhugen sowan sarta sujud marang Panjenengane, unjuke: “Gusti, manawi Paduka karsa, inggih tamtu saged mbirat
najis kawula.” [3] Gusti Yesus nuli mulung
astane, ndemek wong mau sarta ngandika: “Aku karsa, birata najismu.” Padha sanalika
kabirat budhuge temahan dadi resik. [4] Banjur
kadhawuhan dening Gusti Yesus: “Poma bab iki aja kokkandhakake marang sapa-sapa. Wis lungaa, awakmu tuduhna marang imam lan caosa kurban, sing diprentahake dening Nabi Musa, minangka peseksi marang wong.”

Abdi opsir ing Kapernaum kawarasake

8:5-13

Lk 7:1-10; Yo 4:46-53

5 Nalika Gusti Yesus lumebet ing kutha
Kapernaum, ana sawijining opsir panatus
sowan ing ngarsane sarta darbe atur
panyuwun, unjuke: 6 "Bandara, rencang
kawula sakit lumpuh, nggluntung wonten
ing griya, langkung sanget anggenipun
ngraosaken sakit." 7 Pangandikane Gusti
Yesus: "Aku dak mrana, dakwarasne."
8 Nanging atur wangsulane opsir mau:
"Bandara, boten pantes kawula nampeni
Paduka wonten ing gubug kawula, mugi
karsaa ngandika satembung kemawon,
rencang kawula tamtu lajeng saras. 9 Amargi
kawula piyambak punika tiyang ingkang kereh
lan inggih ngereh prajurit. Manawi kawula
aken dhateng ingkang satunggal: Lungaa!
lajeng kesah; utawi dhateng sanesipun:
Mrenea! inggih lajeng dhateng. Tuwin dhateng
rencang-tumbasan kawula: Iku lakonana!
inggih lajeng dipun lampahi." 10 Bareng
Gusti Yesus mireng kang mangkono iku,
Panjenengane kaeraman, banjur ngandika
marang kang padha ndherek: "Satemene
pituturKu marang kowe: Pangandel kang
samene gedhene iki Aku durung tau tumon
ana ing satengahing bangsa Israel. 11 Aku
pitutur marang kowe: Bakal akeh wong kang
teka saka ing wetan lan ing kulon kang padha

melu kembul bujana karo Rama Abraham,
Iskak lan Yakub ana ing Kratoning Swarga,
12 mangka para putraning Kraton bakal padha
kabuwang menyang pepeteng ing jaba, ing
kono bakal ana tangis lan keroting untu.”
13 Gusti Yesus banjur ngandika marang opsir
panatus mau: “Wis, mundura, katekana kaya
kang dadi pangandelmu.” Sanalika iku uga
abdine waras.

Gusti Yesus nyarasake embokne maratuwa Petrus lan wong-wong liyane

8:14-17

Mk 1:29-34; Lk 4:38-41

14 Sawise iku Gusti Yesus banjur tindak
menyang omahe Petrus. Gusti mirsa embokne
maratuwa nggluntung ana ing paturon, lara
panastis. 15 Tumuli didemek tangane, temahan
waras, banjur ngladeni tamune. 16 Sorene
akeh wong sing padha kesurupan dhemit sing
padha di owanake menyang ngarsane Gusti
Yesus. Dhemite padha ditundhungi sarana
pangandika lan sarupane wong kang nandhang
lelara padha diwarasake. 17 Bab iki kalakone
supaya kayektenana kang kapangandikakake
dening Nabi Yesaya: “Panjenengane wus
ngrembat karingkihan kita lan nyanggi lelara
kita.”

Bab ngetut-wingking Gusti

8:18-22

Lk 9:57-62

18 Bareng Gusti mirsa wong akeh padha
ngrubung Panjenengane, banjur dhawuh
nyabrang. 19 Nuli ana sawijining wong ahli
Toret kang sowan sarta munjuk: "Guru,
kula badhe ndherek Panjenengan dhateng
pundi kemawon anggen Panjenengan tindak."
20 Gusti Yesus ngandika: "Asu-wawar padha
duwe rong, lan manuk ing awang-awang pada
duwe susuh, nanging Putraning Manungsa ora
duwe panggonan kanggo nyelehake sirahe."
21 Wong liyane, yaiku salah sijining siswane,
matur marang Panjenengane: "Gusti, kawula
mugi Paduka parengaken kesah rumiyin badhe
ngubur bapa kawula." 22 Nanging Gusti Yesus
ngandika: "Kowe melua Aku, dene wong mati
cikben padha ngubur wong mati."

Gusti nyirep prahara

8:23-27

Mk 4:35-41; Lk 8:22-25

23 Gusti Yesus banjur minggah ing prau,
para sakabate padha ndherek. 24 Dumadakan
ana prahara ing sagara kono, praune nganti
ketungkeban ing ombak, nanging Gusti
Yesus sare. 25 Para sakabate tumuli padha
sowan ngwungu, unjuke: "Dhuh, Gusti,
nyuwun tulung, kawula sami katiwasan."

[26] Pangandikane Gusti: "Yagene kowe padha
wedi, heh, wong kang cupet ing pangandel?"
Gusti Yesus banjur jumeneng lan ndukani
angin sarta sagara, tumuli sirep. [27] Wong-wong
padha gumun, pangucape: "Iki wong apa ta,
dene dalasan angin lan sagara kok iya padha
ngestokake dhawuhe!"

Wong kasurupan ing Gadhara

8:28-34

Mk 5:1-20; Lk 8:26-39

[28] Bareng wus mentas ing sabrang, yaiku
ing tlatahe wong Gadhara tumuli dipethukake
wong loro kang padha kasurupan dhemit,
tekane saka ing pakuburan sarta banget
mutawatiri, nganti ora ana wong siji-sijia
sing wani liwat ing dalan kono. [29] Lah tumuli
karone padha nguwuh seru, unjuke: "Paduka
kagungan urusan punapa kaliyan kawula,
dhuh, Putraning Allah? Punapa rawuh Paduka
badhe misakit kawula saderengipun mangsa?"
[30] Ora adoh saka kono ana babi sapantha
gedhe, kang lagi golek pangan. [31] Dhemite nuli
padha darbe panyuwun marang Panjenengane,
unjuke: "Manawi kawula sami Paduka dhawuhi
kesah, keparenga kawula manjing ing babi
sapantha punika." [32] Dhawuhe Gusti Yesus:
"Padha lungaa." Banjur padha metu lan
manjing ing babi-babi mau. Babi sapantha iku
kabeh nuli padha mlayu gumrudug medhun
saka ing ereng-ereng jurang, ambyur ing
sagara temahan padha mati klelep ana ing

banyu. 33 Kang padha ngengon babi mau
padha mlayu sarta bareng wus tekan ing
kutha, padha nyritakake lelakon iku mau
kabeh, uga bab wong-wong kang kapanjingan
dhemit mau. 34 Lah ing kono wong sakutha
padha metu methukake Gusti Yesus lan bareng
wus padha ana ing ngarsane, padha nyuwun
kanthi adreng, supaya Panjenengane karsaa
nilar tlatahe.

Wong lumpuh kawarasake

9:1-8

Mk 2:1-12; Lk 5:17-26

9 1 Gusti Yesus tumuli minggah ing prau
banjur nyabrang lan rawuh ing kutha
palerebane. 2 Banjur ana wong lumpuh
nggluntung ing paturon diusung disowanake
menyang ing ngarsane. Bareng Gusti Yesus
mirsa pangandele wong-wong iku, nuli
ngandika marang kang lumpuh: “He, ngger,
sing enak bae atimu, dosamu wus kaapura.”
3 Lah tumuli ana ahli Toret sawatara sing
padha ngunandika: “Wong iku nyenyamah
Gusti Allah.” 4 Nanging Gusti Yesus mirsa kang
dadi panggraitane wong-wong mau, mulane
banjur ngandika: “Yagene kowe padha duwe
panggraita kang ala ana ing atimu? 5 Gampang
endi kandha: Dosamu wus diapura, karo
kandha: Ngadega lan lumakua? 6 Nanging
supaya kowe padha sumurup, yen Putraning
Manungsa duwe panguwasa ngapura dosa ana
ing bumi iki,” -- banjur ngandika marang kang

lumpuh --: “Ngadega, paturonmu angkaten
lan muliha!” [7] Wonge iya banjur ngadeg lan
mulih. [8] Wong akeh bareng padha ndeleng bab
iku, padha wedi lan banjur padha ngluhurake
Gusti Allah, kang wus paring panguwasa
nganti samono marang manungsa.

Gusti nimbali Mateus, juru-mupu-beya

9:9-13

Mk 2:13-17; Lk 5:27-32

[9] Bareng Gusti Yesus nglajengake tindake,
banjur mirsa wong kang jenenge Mateus
linggih ing pabeyan, iku nuli dipangandikani:
“Melua Aku!” Mateus banjur ngadeg lan
ndherekake Panjenengane. [10] Kacarita nalika
Gusti Yesus lenggah dhahar ana ing omahe,
ana juru-mupu-beya akeh lan wong-wong
dosa kang padha teka ndherek dhahar kalawan
Gusti Yesus dalasan para sakabate. [11] Bareng
para wong Farisi weruh kang mangkono
iku, banjur kandha marang para sakabate:
“Yagene gurumu kok mangan bebarengan
karo juru-mupu-beya lan wong dosa?” [12] Gusti
Yesus mireng, nuli ngandika: “Wong waras
iku ora butuh dhukun, sing butuh iku wong
sing lara. [13] Wis, padha sumingkira, padha
pindengen isining pangandika, kang surasane:
Kang Sunkarsakake iku dudu kurban, nanging
kawelasan. Sabab tekaKu iki ora ngundang
wong sampurna, nanging wong dosa.”

Bab pasa

9:14-17

Mk 2:18-22; Lk 5:33-39

14 Kacarira para sakabate Nabi Yokanan padha sowan ing ngarsane Gusti Yesus, lan munjuk: "Kawula kaliyan tiyang Farisi sami netepi siyam, nanging para sakabat Paduka kok boten?"
15 Paring wangsulane Gusti Yesus: "Apa para mitrane temanten lanang bisa susah sajroning temantene isih ana? Nanging bakal ana wektune, temanten iku kapethal saka ing antarane, ing kono bakal padha pasa.
16 Lan uga ora ana wong nambal sandhangan lawas nganggo suwekan anyar, awit tambalane iku bakal nyuwekake sandhangan mau, temahan malah saya amba amohe.
17 Mangkono anggur kang anyar iku iya ora diwadhahi ing impes kang lawas, amarga yen mangkono impese mesthi bedhah, anggure banjur wutah impese rusak. Nanging anggur kang anyar iku diwadhahi ing impes anyar, dadi loro-lorone tetep kanggo ing gawe."

Wong wadon lara nggrajag getih kawarasake lan bocah mati kauripake maneh

9:18-26

Mk 5:21-43; Lk 8:40-56

18 Sajrone Gusti Yesus ngandika mangkono iku, nuli ana lelurahing papan pangibadah kang

sowan lan matur: “Anak kawula estri saweg
kemawon tilar donya ewasamanten Paduka
mugi karsaa rawuh saha numpangi asta, tamtu
badhe gesang malih.” 19 Gusti Yesus banjur
jumeneng sarta tedhak bebarengan karo lurah
mau kanthi para sakabate. 20 Nalika iku ana
wong wadon kang lara nggrajag getih wus
rolas tahun lawase, kang nyedhaki Gusti Yesus
saka ing buri lan demek gombyoking jubahe.
21 Amarga duwe osik mangkene: “Angger
aku bisa ndemek jubahe, mesthi waras.”
22 Nanging Gusti Yesus banjur minger, mirsani
wong wadon iku mau sarta ngandika: “Dienak
atimu, ngger, pangandelmu kang marasake
kowe.” Wiwit ing nalika iku wong wadon mau
dadi waras.

23 Bareng Gusti Yesus rawuh ing omahe
lelurah mau, sarta mirsa penyuling lan wong
akeh kang padha ribut, 24 banjur ngandika:
“Wis, padha sumingkira; bocahe ora mati,
mung lagi turu.” Nanging wong-wong padha
nggeguyu Panjenengane. 25 Sawise wong akeh
iku padha sumingkir, Gusti Yesus nuli lumebet
sarta ngasta tangane si bocah. Bocahe banjur
tangi. 26 Pawartane lelakon iku banjur sumebar
ing satanah kono kabeh.

Wong wuta lan wong bisu kasurupan dhemit kawarasake

9:27-34

27 Nalika Gusti Yesus nglajengake tindake
saka ing kono, ana wong wuta loro padha nututi

lan nguwuh-uwuh, unjuke: “Dhuh, tedhakipun
Sang Prabu Dawud, kawula mugi Paduka
welasi.” 28 Bareng Gusti Yesus wus lumebet
ing dalem, wong wuta mau padha ngadhep
ing ngarsane, tumuli padha dipangandikani
dening Gusti Yesus: “Apa kowe padha ngandel
yen Aku bisa nindakake mangkono?” Atur
wangsulane: “Inggih, Gusti kawula sami
pitados.” 29 Banjur padha didumuki mripate
sarta dipangandikani: “Padha katekana kaya
kang dadi pangandelmu.” 30 Mripate banjur
kaelekake. Banjur padha diwanti-wanti:
“Poma, aja nganti bab iki kaweruhan ing
wong.” 31 Ewasemono saundure tumuli padha
nyuwurake Panjenengane ana ing sawratane
tanah kono kabeh.

32 Saundure wong-wong mau banjur
ana wong bisu kapanjingan dhemit kang
disowanake ing ngarsane. 33 Bareng dhemite
wus ditundhung, kang bisu mau bisa
caturan. Wong-wong padha kaeraman kabeh,
pangucape: “Kang kaya mangkono iku
durung tau kalakon ana ing tanah Israel.”
34 Nanging ujare para wong Farisi: “Anggone
nundhungi dhemit iku kanthi panguwasane
panggedhening para dhemit.”

Pasemon panen lan wong derep

9:35-38

35 Gusti Yesus tumuli tindak njajah kutha lan
desa, paring piwulang ana ing papan-papan
pangibadah sarta nggelarake Injil Kratoning

Allah, apadene nyarasake sakabehing lelara
lan memala. [36] Mirsa wong akeh iku, trenyuh
banget panggalihe marga saka welas; awit
wong-wong mau padha katon sayah lan ora
kopen kaya wedhus kang ora ana pangone.
[37] Banjur ngandika marang para sakabate:
"Panene gedhe, nanging kang derep mung
sathithik. [38] Mulane padha nyuwuna marang
Kang Kangungan panen, supaya karsaa
maringi wong derep kanggo panenane iku."

Para rasul rolas kautus

10:1-15

Mk 3:13-19; Lk 6:12-16

10 [1] Gusti Yesus tumuli nimbali sakabate
rolas sarta padha diparingi panguwasa
nundhungi dhemit lan marasake sarupaning
lelara lan sarupaning memala. [2] Dene jenenge
para rasul rolas mau mangkene: Kang dhisik
Simon kang karan Petrus, lan Andreas
sadulure, Yakobus anake Zebedheus, lan
Yokanan sadulure, [3] Filipus lan Bartolomeus,
Tomas lan Mateus juru-mupubeya, Yakobus
anake Alfeus, lan Tadeus, [4] Simon wong Zelot
lan Yudas Iskariot, kang ngulungake Gusti
Yesus.
[5] Wong rolas mau padha diutus dening Gusti
Yesus sarta diparingi piweling mangkene:
"Kowe aja padha nyimpang menyang ing
dalane wong kapir lan aja lumebu ing kuthane
wong Samaria, [6] nanging luwih becik padha
maranana wedhus-wedhuse Banisrael kang

padha katriwal. [7] Padha mangkata lan padha
memulanga mangkene: Kratoning Swarga wus
cedhak. [8] Wong lara padha warasna, wong mati
tangekna, biraten najise wong lara budhugen;
dhemit-dhemit padha tundhungana. Kowe
padha nampani kanthi lelahanan, mulane
wenehna kanthi lelahanan uga.
[9] Aja padha nggawa emas utawa salaka
lan tembaga ana ing sabukmu. [10] Aja padha
nggawa sangu kanggo ana ing dalan; aja
nggawa kotang rangkep utawa trumpah.
Sabab wong nyambut gawe iku wus sapantese
yen tampa pituwas. [11] Manawa kowe lumebu
ing kutha utawa ing desa, nitik-nitika
wong kang pantes, banjur nginepa ana ing
kono nganti salungamu. [12] Manawa kowe
lumebu ing omahe wong, ulukana salam.
[13] Manawa pantes anggone nampani, salammu
tumanduka ing kono, nanging manawa ora,
salammu balia marang kowe maneh. [14] Dene
yen ana wong sing ora nampani kowe lan ora
ngrungokake tembungmu, endang lungaa lan
metua saka ing omah utawa ing kutha kono,
sarta ketabna lebune sikilmu. [15] Satemene
pituturKu marang kowe: Besuk ing dina
pangadilan kang sinangga dening Sodom lan
Gomora bakal luwih entheng katimbang karo
kutha mau."

Tutuge piwelinge Gusti Yesus marang para utusane. Bab ngantepi pangabekti

10:16-33

Mk 13:9-13; Lk 21:12-19, 12:2-9

16 “Lah kowe padha daklakokake kayadene
wedhus gembel menyang ing satengahing asu
ajag, mulane sing ngati-ati kaya ula lan sing
bares kaya manuk dara.
17 Nanging sing waspada marang wong
kabeh; sabab ana kang bakal ngladekake kowe
marang pradata agama, kang banjur nyapu
kowe ana ing papan-papan pangibadahe.
18 Lan marga saka Aku kowe bakal padha diirid
menyang ngarsane para kang padha ngasta
panguwasa lan para ratu, minangka paseksi
tumrap wong-wong mau lan tumrap para
wong kapir. 19 Anadene manawa kowe padha
kalakon diladekake, aja padha sumelang ing
bab kapriye lan apa kang bakal kok aturake,
amarga iku kabeh sanalika iku uga bakal
kaparingake marang kowe. 20 Awit dudu kowe
kang caturan, nanging Rohe Ramamu kang
ngandika lumantar kowe.
21 Sadulur bakal masrahake padha sadulur
marang paukuman pati, samono uga bapa
masrahake anake, lan anak-anak bakal padha
ngwaneni wong-tuwane lan banjur dipateni.
22 Lan kowe bakal disengiti ing wong kabeh
marga saka Aku; nanging sing sapa mantep
tumeka ing wekasan, bakal slamet. 23 Manawa
kowe dikaniaya ana ing sawijining kutha,

padha ngungsia menyang kutha liyane;
awit satemene Aku pitutur marang kowe:
Sadurunge kowe ndlajahi kutha-kutha Israel
kemput, Putraning Manungsa wus rawuh.
24 Mungguh sakabat iku ora ngungkuli gurune,
utawa abdi iya ora ngungkuli bandarane.
25 Tumraping sakabat wus cukup, yen nganti
nemu lelakon padha kaya gurune, lan tumrap
abdi, yen nemu lelakon padha kaya bandarane.
Manawa kang duwe omah disebut Beelzebul,
apa maneh brayate saomah.
26 Mulane wong iku aja padha kokwedeni,
awit ora barang kang kasasaban, kang ora
bakal kawiyak, lan ora ana barang kang
kadhelikake, kang bakal ora kaweruhan.
27 Apa kang Dakpituturake ana ing petengan,
iku kandhakna ana ing padhangan; lan apa
kang kokrungokake kanthi bisik-bisik, iku
padha wartakna saka ing payon-payon. 28 Aja
wedi marang wong-wong kang bisa mateni
raga, nanging ora bisa mateni nyawa, aluwung
wedia marang Panjenengane, kang bisa
ngrusak karo-karone ana ing naraka, iya
jiwamu iya ragamu.
29 Manuk glathik loro apa ora mung payu
saasarion? Ewadene siji bae ora ana kang tiba
ing lemah, yen ora saka karsane Ramamu.
30 Mangka kowe iku, malah dalasan rambutmu
wus padha dietung kabeh. 31 Mulane aja
padha wedi, amarga ajimu iku ngluwihi manuk
nglathik pirang-pirang.
32 Saben wong kang ngakoni Aku ana
ing ngarepaning manungsa, iku iya bakal

Dakakoni ana ing ngarsane RamaKu kang ana
ing swarga. 33 Nanging sing sapa nyelaki Aku
ana ing ngarepaning manungsa, iku iya bakal
Dakselaki ana ing ngarsane RamaKu kang ana
ing swarga.”

Bab ngorakake awake dhewe, marga ngabekti marang Gusti

10:34-42

34 “Kowe aja padha ngira, yen tekaKu nggawa
pirukun ana ing bumi. TekaKu iku ora nggawa
pirukun nanging pedhang. 35 Sabab tekaKu iku
njalari wong crah karo bapakne, anak wadon
karo embokne; mantu wadon karo embokne
maratuwa, 36 lan wong bakal dimungsuh
dening wong-wong kang nunggal saomah
kabeh.
37 Sing sapa nresnani bapa utawa biyunge
nganti ngungkuli Aku, iku ora pantes
tumraping Aku, lan sing sapa nresnani anake
lanang utawa wadon ngungkuli Aku, iku
ora pantes tumraping Aku. 38 Sing sapa ora
manggul salibe lan ngetut-buri marang Aku,
iku ora pantes tumraping Aku. 39 Sing sapa
ngeman nyawane, bakal kelangan nyawane,
lan sing sapa kelangan nyawane marga saka
Aku, iku bakal nampani nyawane.
40 Sing sapa nampani kowe, iku dadi Aku
sing ditampani. Lan sing sapa nampani Aku,
iku dadi nampani kang ngutus Aku. 41 Sing
sapa nampani nabi marga saka anggone dadi
nabi, bakal tampa pituwasing nabi, lan sing

sapa nampani wong mursid, marga saka
anggone mursid, bakal tampa pituwasing
wong mursid. 42 Apadene sing sapa aweh
banyu kang seger marang salah sawijining
wong cilik iki sanadyana mung sacangkir,
marga iku sakabatKu, Aku pitutur marang
kowe satemene: wong iku mesthi bakal tampa
pituwase.”

Utusane Nabi Yokanan

11:1-6

Lk 7:18-35

11 1 Sawise Gusti Yesus mungkasi
piwelinge marang sakabat-sakabate
rolas, banjur tedhak saka ing kono, bakal
memulang lan nggelarake Injil ana ing
kutha-kuthane.
2 Kacarita ana ing pakunjaran Nabi Yokanan
midhanget pawarta bab pakaryane Gusti
Yesus, 3 banjur ngutus sakabate ndikakake
munjuk marang Panjenengane mangkene:
“Punapa Paduka punika ingkang pinasthi
rawuh, punapa kawula sami kedah ngentosi
sanesipun?” 4 Gusti Yesus paring wangsulan,
pangandikane: “Wis, padha mundhura,
wartakna marang Yokanan apa kang kokrungu
lan kokdeleng: 5 wong picak padha ndeleng,
wong lumpuh padha lumaku, wong lara
budhugen padha kabirat najise, wong budheg
padha krungu, wong mati padha katangekake
lan wong mlarat padha kawartanan kabar

kabungahan. 6 Rahayu wong kang ora nganti
kacuwan bab Aku.”

Paseksine Gusti Yesus tumrap Nabi Yokanan

11:7-19

7 Saundure para utusan mau, Gusti Yesus
banjur medhar pangandika marang wong akeh
iku bab Nabi Yokanan mangkene: “Nalika
kowe padha menyang ara-ara-samun kae
arep ndeleng apa? Arep ndeleng glagah
sing mobat-mabit kena angin? 8 Utawa arep
apa kowe mrana? Arep ndeleng wong kang
nganggo sandhangan kang sarwa alus? Wong
kang manganggo sarwa alus iku kang ana ing
kraton. 9 Dadi arep apa kowe mrana? Arep
ndeleng nabi? Iya, bener, lan Aku pitutur
marang kowe, malah kang ngungkuli nabi.
10 Awit iya iku kang kapratelakake ing Kitab
mangkene:

Lah, ingsun ngutus malaekatingSun lumaku
ndhisiki Sira,
arep nyawisake dalanira ana ing ngarepira.

11 Satemene Aku pitutur marang kowe:
Ing antarane wong-wong kang lair saka
wong wadon, ora ana kang madeg ngungkuli
Yokanan Pambaptis, ewasamono wong kang
cilik dhewe ana ing Kratoning Swarga,
iku ngluwihi Yokanan Pambaptis. 12 Sabab
wiwit nalika Yokana Pambaptis tumapak ing
gawe nganti saprene, Kratoning Swarga iku
karuda-peksa lan wong kang ngruda-peksa

iku mbudidaya arep nguwasani. 13 Sabab
sakabehing nabi lan kitab Toret iku padha
memeca nganti tumekaning Nabi Yokanan.
14 Sarta, manawa kowe padha gelem nganggep
mangkono, iya dheweke iku Elia kang bakal
teka. 15 Sing sapa duwe kuping, ngrungokna.
16 Dakupamakake apa golongan iki? Upamane
kaya bocah-bocah kang lelungguhan ana ing
pasar, celuk-celuk kancane mangkene:
17 Aku wis ngunekake suling, kowe kok ora
padha njoged.
Aku wis padha ngidungake kidung
pangadhuh,
nanging kowe ora padha tangisan.
18 Sarehning Yokanan tekane ora mangan ora
ngombe, banjur diarani wong kepanjingan
setan. 19 Tekane Putraning Manungsa nganggo
mangan lan ngombe, kok unine wong:
Delengen kuwi, wong grangsangan lan seneng
ngombe anggur, kancane para juru-mupu-beya
lan wong dosa. Nanging kawicaksananing
Pangeran iku anggone kabenerake marga saka
pandamele."

Wong-wong ing kutha Khorazin, Betsaida lan Kapernaum padha kawelehake dening Gusti

11:20-24

Lk 10:13-15

20 Sawise mangkono Gusti Yesus banjur
wiwit nenetah marang kutha-kutha kang ora
mratobat, sanadyan Gusti anggone nindakake

mukjijat kang akeh dhewe ana ing kono:
21 “Bilai kowe Khorazin, bilai kowe Betsaida,
sabab manawa ing Tirus lan ing Sidon iya
kalakon ana mukjijat-mukjijat kaya kang wus
kalakon ana ing tengah-tengahmu, mesthi wis
biyen-biyen anggone mratobat lan manganggo
bagor sarta awu. 22 Nanging Aku pitutur
marang kowe: Besuk ing dina pangadilan
kang kasangga dening Tirus lan Sidon bakal
luwih entheng tinimbang kowe. 23 Apadene
kowe Kapernaum, apa kowe bakal kaluhurake
nganti sundhul ing langit? Ora, kowe bakal
kacemplungake ing teleng palimenganing
pati. Sabab manawa ing Sodom kalakon
ana mukjijat-mukjijat sing tumindhak ana
ing tengah-tengahmu, kutha iku mesthi
lestari tekan saprene. 24 Nanging Aku pitutur
marang kowe: Besuk ing dina pangadilan kang
kasangga dening tanah Sodom bakal luwih
entheng katimbang karo kowe.”

Gusti ngunjukake panuwun marang Ingkang Rama. Bab ayeming ati

11:25-30

Lk 10:21-22

25 Ing wektu iku Gusti Yesus munjuk: “Dhuh,
Rama, Pangeraning swarga lan bumi, kawula
ngaturaken genging panuwun, dene bab
punika sadaya Paduka damel wados tumrap
tiyang wicaksana saha tiyang wasis, nanging
Paduka lairaken dhateng lare-lare. 26 Inggih,
Rama, pancen makaten karsa Paduka.

27 Samubarang kabeh wus kapasrahake
marang Aku dening Ramaku, lan ora ana
wong kang sumurup marang Sang Putra, aliya
Sang Rama, lan ora ana wong kang sumurup
marang Sang Rama, aliya Sang Putra lan wong
kang wus jinatenan saka karsane Sang Putra.
28 He, para wong kang kesayahan lan
kamomotan, padha mrenea, Aku bakal gawe
ayemmu. 29 PasanganKU padha tampanana
ing pundhakmu lan padha nggegurua marang
Aku, awit Aku iki alus lembah ing budi,
temahan kowe bakal padha oleh ayeming
nyawamu. 30 Amarga pasanganKu iku kapenak
lan momotanKu iku entheng."

Gusti Yesus iya Gustine dina Sabat

12:1-8

Mk 2:23-28; Lk 6:1-5

12 1 Ing nalika samana, mbeneri dina
Sabat, Gusti Yesus tindak nglangkungi
paganduman. Sakabate padha luwe, mulane
banjur padha nyethuti wewulen sarta
dipangan. 2 Wong Farisi bareng weruh, padha
munjuk marang Gusti Yesus: "Lah sakabat
Panjenengan, sami nindakaken ingkang boten
dipun parengaken ing dinten Sabat." 3 Nanging
Gusti Yesus ngadika marang wong-wong
mau: "Apa kowe ora maca bab tumindake
Senapati Dawud dalah para pandhereke
nalika padha kaluwen? 4 Bab anggone banjur
padha lumebu ing Padalemaning Allah lan
anggone padha mangan roti cecaosan, kang

pancene ora kena kapangan dening Dawud
utawa dening pandhereke, kajaba dening
para imam? 5 Mangkono uga apa kowe ora
maca ing Toret, yen ing dina Sabat para
imam padha nerak pranataning Sabat ana
ing Padaleman Suci, ora padha kaluputan?
6 Aku pitutur marang kowe: Ing kene ana
kang ngluwihi Padaleman Suci. 7 Manawa kowe
pancen mangreti isining pangandika: Kang
Sunkarsakake iku kawelasan, dudu kurban,
mesthi kowe ora ngukum wong kang ora
kaluputan. 8 Amarga Putraning Manungsa iku
iya Gustine dina Sabat."

Wong ceko kawarasake

12:9-21

Mk 3:1-6; Lk 6:6-11

9 Sawise tindak saka ing kono, Gusti Yesus
banjur lumebet ing papan pangibadahe
wong-wong mau. 10 Ing kono ana wong kang
ceko tangane sasisih. Wong-wong banjur
padha matur marang Panjenengane: "Ing
dinten Sabat punapa dipun parengaken
nyarasaken tiyang?" Karepe supaya bisa
ngluputake Panjenengane. 11 Nanging
padha dipangandikani mangkene: "Manawa
panunggalanmu duwe wedhus siji, mangka
wedhuse iku kacemplung ing luwangan
pinuju dina Sabat, apa ora banjur dicekel lan
dientasake? 12 Apa ajine manungsa iku ora
ngungkuli wedhus banget? Mulane kalilan bae
nindakake kabecikan ing dina Sabat." 13 Banjur

dhawuh marang kang ceko mau: “Tanganmu
athungna.” Tumuli diathungake temah dadi
waras pulih kaya tangan sijine.
14 Wong-wong
Farisi banjur padha metu sarta ngrantam bab
anggone bakal nyedani Gusti Yesus.
15 Nanging
sarehne Gusti Yesus ora kekilapan bab iku,
banjur tedhak saka ing kono. Akeh wong kang
padha ndherekake, dene kang lara padha
diwarasake kabeh.
16 Nanging padha ora
diparengake nyuwurake Asmane,
17 supaya
kalakona pangandika kang dilantarake dening
Nabi Yesaya:

18 “Lah iku AbdiningSun, pilihaningSun,
kekasihingSun, kang ndadekake
keparenging galihingSun,
bakal Sunparingi RohingSun,
sarta bakal ngundhangake pangadilan
marang sakabehing bangsa.
19 Panjenengane ora bakal nganakake
padudon lan ora bakal alok-alok.
Swarane bakal ora keprungu ing wong ana
ing lurung-lurung.
20 Glagah kang pepes ora bakal dikethok lan
uceng-uceng kang urube melik-melik
ora dipateni
nganti Panjenengane wis ndadekake
menange kabeneran.
21 Apadene iya Panjenengane iku kang dadi
pangarep-areping bangsa-bangsa.”

Gusti Yesus lan Beelzebul

12:22-37

Mk 3:20-30; Lk 11:14-23, 6:43-45

22 Sawise iku banjur ana wong kang
kasurupan, tur picak lan bisu, disowanake
menyang ngarsane, nuli diwarasake dening
Gusti Yesus, satemah kang picak lan bisu
mau banjur bisa guneman lan ndeleng.
23 Wong-wong kabeh padha kaeraman sarta
padha calathu: "Panjenengane iku kira-kira
tedhake Sang Prabu Dawud." 24 Nanging
bareng para wong Farisi padha krungu banjur
ngucap mangkene: "Anggone nundhungi
dhemit iku marga nganggo jenenge Beelzebul,
panggedhening setan." 25 Sarehne Gusti Yesus
mirsa pikirane wong-wong mau, banjur padha
dipangandikani: "Saben krajan, kang rakyate
padha dredah, iku mesthi rusak. Lan saben
kutha utawa omah kang wonge padha dredah
iku ora bisa lestari. 26 Manawa Iblis nundhung
Iblis, iku dadi dredah karo awake dhewe;
manawa mangkono krajane bisane lestari
kapriye? 27 Dadine yen Aku nundhungi dhemit
nganggo jenenge Beelzebul, lah nganggo
jenenge sapa yen anak-anakmu nundhung?
Mulane anak-anakmu iku kang bakal padha
ngadili kowe. 28 Nanging manawa anggonKu
nundhungi dhemit iku kanthi panguwasane
Rohing Allah, satemene Kratoning Allah wus
nekani kowe. 29 Utawa kapriye bisane wong
lumebu ing omahe wong kang rosa lan njarah

rayah barang darbeke, yen wong sing rosa
iku ora dibanda dhisik? Manawa uwis, lagi
bisa ngrampog omah mau. 30 Sing sapa ora
ngrujuki marang Aku, iku nglawan marang
Aku, lan sing sapa ora nglawan marang Aku,
lan sing sapa ora melu ngumpulake karo Aku,
iku mbuyarake. 31 Mulane Aku pitutur marang
kowe: Sakabehing dosa lan panyenyamahing
wong bakal kaapura, nanging panyenyamah
marang Roh Suci iku bakal ora diapura. 32 Yen
ana wong madoni Putraning Manungsa, iku
bakal kaapura, nanging manawa madoni Sang
Roh Suci, iku bakal ora kaapura, dadia jaman
saiki, dadia ing jaman besuk.

33 Manawa uwite becik. wohe iya becik;
manawa uwite ora becik, wohe iya ora becik.
Amarga ketitiking wit iku marga saka wohe.
34 Heh, tetesaning ula bedhudhak, kapriye
anggonmu bisa ngucapake barang-barang
kang becik, lah wong kowe dhewe ala?
Sabab apa kang kaucapake ing cangkem
iku saka bludaging ati. 35 Wong becik iku
metokake barang-barang kang becik saka
simpenane kang becik lan wong ala metokake
barang-barang kang ala saka simpenane
kang ala. 36 Nanging Aku pitutur marang
kowe: Saben tembung kang tanpa guna,
kang diucapake dening wong, iku besuk ing
dina pangadilan mesthi kudu kapratelakake
tanggung jawabe. 37 Awit anggonmu bakal
kabenerake iku adhedhasar tembungmu lan
anggonmu bakal kapatrapan paukuman iku
iya adhedhasar tembungmu.”

Wong kang padha nyuwun pratandha

12:38-42

Lk 11:29-32

38 Nalika samana ana ahli Toret lan wong
Farisi sawatara, kang padha matur:“Guru,
kula sami kapengin sumerep pratandha saking
Panjenengane.” 39 Nanging paring wangsulane:
“Jinis kang ala lan ora setya iki njaluk
pratandha, nanging bakal ora kaparingan,
kajaba mung pratandhane Nabi Yunus. 40 Awit
padha kaya Yunus anggone ana ing wetenge
iwak telung dina telung bengi, mangkono uga
Putraning Manungsa bakal ana ing jerone
telenging bumi telung dina telung bengi.
41 Besuk ana ing pangadilan wong-wong Niniwe
bakal tangi bareng karo jinis iki lan bakal
ngadili jinis iki. Sabab wong-wong Niniwe iku
sawise ngrungokake piwulange Yunus, banjur
padha mratobat, lan mangka satemene kang
ana ing kene iki ngungkuli Yunus. 42 Besuk ing
wektu pangadilan, Sang Raja Putri saka ing
tanah kidul bakal kawungokake bareng karo
jinis iki lan bakal ngadili jinis iki, awit rawuhe
saka pungakasaning bumi, banjur mirengake
bab kawicaksanane Sang Prabu Suleman, lah
mangka ing kene ana kang ngungkuli Sang
Prabu Suleman.”

Dhemit kang wus katundhung

12:43-45

Lk 11:24-26

43 “Mungguh dhemit iku manawa wus metu
saka ing wong, banjur nglembara golek
palereman menyang papan-papan kang
garing suwung. Nanging ora oleh. 44 Tumuli
ngucap mangkene: Aku dakbali menyang
omah sing daktinggal kae. Banjur bali, omahe
tinemu suwung, wis resik kasaponan lan
katata becik. 45 Dhemit mau banjur lunga
ngajak dhemit pepitu liyane kang luwih ala
katimbang dheweke, tumuli padha lumebu
sarta manggon ana ing kono. Wekasan wong
mau alane ngluwihi sing uwis. Mangkono uga
bakal kadadeane jinis kang ala iki.”

Kulawargane Gusti Yesus

12:46-50

Mk 3:31-35; Lk 8:19-21

46 Nalika Gusti Yesus lagi ngandika marang
wong akeh iku, ingkang ibu lan sadherek-
sadhereke padha ana ing jaba, ngarah ketemu
karo Panjenengane. 47 Banjur ana kang munjuk
marang Gusti Yesus: “Lah punika ingkang
ibu tuwin sadherek-sadherek Panjenengan
sami wonten jawi saha ngangkah sagedipun
kapanggih kaliyan Panjenengan.” 48 Nanging
kang munjuk diparingi wangsulan mangkene:
“IbuKu sapa, lan sadulur-sadulurKu sapa?”

49 Banjur mulungake astane marang para
sakabate sarta ngandika: “Iki ibuKu lan
sadulur-sadulurKu!” 50 Sabab sing sapa
nglakoni karsane RamaKu kang ana ing
swarga, yaiku sadulurKu lanang utawa wadon
lan ibuKu.”

Pasemon bab wong nyebar wiji

13:1-23

Mk 4:1-20; Lk 8:4-15

13 1 Ing dina iku Gusti Yesus miyos saka
ing omah mau lan banjur lenggah ing
pinggir sagara. 2 Tumuli ana wong akeh padha
gumrudug sowan lan ngrubung Panjenengane,
mulane Gusti banjur minggah ing prau lan
lenggah ing kono, dene wong akeh mau
padha ngadeg ana ing gegisik. 3 Banjur padha
dipangandikani prakara pirang-pirang kanthi
pasemon, dhawuhe: “Ana juru nyebar wiji
metu arep nyebar wiji. 4 Sajrone nyebar iku
ana kang tumiba ing pinggir dalan, banjur ana
manuk kang padha teka, nucuki. 5 Ana kang
tumiba ing padhasan, kang ora akeh lemahe.
Wiji mau enggal thukul, amarga lemahe tipis.
6 Nanging bareng srengenge wis saya dhuwur,
banjur alum, wekasan dadi garing, sabab ora
ana oyode. 7 Ana maneh kang tumiba ing eren.
Bareng eri-erine saya gedhe, wijine kalindhih
temahan mati. 8 Lan ana maneh kang tumiba
ing lemah becik; iku banjur metu wohe, ana
kang tikel satus, ana kang tikel sawidak lan

ana kang tikel telung puluh. 9 Sapa kang duwe
kuping ngrungokna.”
10 Para sakabate tumuli padha ngadhep lan
matur: “Punapa sababipun, dene anggen
Paduka ngandika dhateng tiyang-tiyang punika
kok mawi pasemon?” 11 Paring wangsulane
Gusti Yesus: “Kowe padha kaparingan
kamurahan diparengake nyumurupi wadi-
wadining Kraton Swarga, nanging wong-wong
iku padha ora kaparingan. 12 Amarga sapa
kang duwe, iku bakal kaparingan, malah
nganti luber, nanging sing sapa ora duwe, apa
bae kang kaduwe, bakal dipundhut. 13 Iya iku
sababe anggonKu calathu marang wong-wong
iku kanthi pasemon, awit sanadyan mripate
padha ndeleng, nanging ora weruh, lan
sanadyan padha krungu, nanging padha ora
ngreti. 14 Mulane wong-wong iku kang padha
dadi kanyataane pamecane Nabi Yesaya,
surasane:

Sira bakal krungu lan krungu, nanging ora
mangreti,
sira bakal ndeleng lan ndeleng, nanging ora
sumurup.
15 Amarga atine bangsa iki dableg lan
kupinge jampeng
sarta mripate dieremake,
supaya aja padha ndeleng kalawan mripate
lan krungu kalawan kupinge
sarta atune bisa mangreti
banjur mratobat, temahan Sunwarasake.

16 Nanging rahayu mripatmu, jalaran bisa
ndeleng lan kupingmu, amarga bisa krungu.

17 Awit Aku pitutur satemene marang kowe:
Akeh para nabi lan wong mursid kang padha
kapengin ndeleng apa kang padha kokdeleng,
nanging ora kalakon ndeleng, lan padha
kapengin krungu apa kang kokrungu, nanging
ora kalakon krungu.
18 Mulane rungokna maknane pasemon bab
juru nyebar iku. 19 Manawa ana wong kang
krungu pangandika bab Kratoning Swarga,
mangka ora mangreti, banjur si pangawak
dursila teka ngrebut apa kang kasebar ing
atine; yaiku wiji kang kasebar ing pinggir
dalan. 20 Dene wiji kang kasebar ing padhasan,
yaiku wong kang ngrungokake pangandika
sarta enggal-enggal nampani pangandika
mau kanthi bungah, 21 nanging ora ana oyode
ing batine, dadi ora antepan. Bareng tuwuh
panyiya nyiya utawa panganiaya marga
saka pangandika iku, wong mau banjur
enggal murtad. 22 Sabanjure kang kasebar
ing eren, yaiku wong kang ngrungokake
pangandika, banjur sumelanging donya lan
daya pamblithuking kasugihan padha ngendhih
pangandika mau, temahan ora metu wohe.
23 Nanging kang kasebar ing lemah becik iya
iku wong kang ngrungokake pangandika lan
mangreti, mulane iya banjur metu wohe, ana
sing tikel satus, ana sing tikel sawidak, ana
sing tikel telung puluh.”

Pasemon bab alang-alang ing satengahe gandum

13:24-30

24 Ana maneh pasemon, kang digelarake
marang wong-wong mau, pangandikane:
“Kratoning Swarga iku umpamane kaya
wong kang nyebar wiji becik ing pategalane.
25 Nanging nalika wong-wong padha
turu kabeh, satrune teka nyebar wiji
alang-alang ing tengahe gandum banjur
lunga. 26 Bareng gandume thukul lan wiwit
metu wewulene, alang-alange iya kathon.
27 Batur-bature sing duwe pategalan padha
marani lurahe lan matur: Bandara, punapa
sanes wiji sae ingkang panjenengan sebar
ing pategilan panjenengan? Saking pundi
kambengan punika? 28 Wangsulane lurahe:
Iku panggawene satru. Batur-bature matur
maneh: Punapa panjenengan ngersakaken,
supados kula sami mbedholi kambengan
punika? 29 Nanging wangsulane: Aja, sabab
anggonmu padha mbedholi alang-alang iku,
bisa uga ngatutake gandume. 30 Cikben padha
thukul bebarengan nganti mangsane panen.
Ing wektu iku aku bakal tutur marang sing
padha derep: Klumpukna dhisik alang-alange
lan bentelana, banjur obongen, sawise iku
gandume klumpukna ing lumbungku.”

Pasemon bab wiji sawi lan ragi

13:31-35

Mk 4:30-34; Lk 13:18-21

31 Ana maneh pasemon kang digelarake
marang wong-wong mau, pangandikane:
“Kratoning Swarga iku upamane kaya wiji sawi
kang kajupuk lan kasebar dening wong ana ing
pategalane. 32 Padha-padha wiji, wiji sawi iku
pancen cilik dhewe, nanging yen wis thukul,
gedhene ngluwihi janganan liya-liyane, malah
banjur dadi wit-witan, nganti manuk-manuk
ing awang-awang padha saba mrono lan nusuk
ing pang-pange.”
33 Pasemon iki uga didhawuhake marang
wong-wong mau: “Kratoning Swarga iku
upamane kaya ragi kang kajupuk ing wong
wadon, kacarubake ing glepung trigu telung
taker nganti kemrasukan kabeh.”
34 Sakehe prakara iku mau kabeh
didhawuhake dening Gusti Yesus marang
wong akeh kanthi pasemon lan ora ana
kang dipangandikakake kang ora dhapur
pasemon, 35 supaya keyektenana kang
kapangandikakake dening nabi mangkene:

“Ingsun bakal ngangapake tutukingSun
lan mangandikakake pasemon.
Ingsun bakal ngucapake prakara kang
kineker
wiwit dumadining jagad.”

Katrangan bab pasemon alang-alang ing satengahe gandum

13:36-43

36 Gusti Yesus banjur nilar wong akeh mau
sarta banjur kondur. Para sakabate tumuli
padha ngadhep lan matur: "Kawula mugi
sami kaparingana katrangan bab pasemon
kambengan ing satengahing gandum punika."
37 Gusti Yesus banjur maringi wangsulan,
pangandikane: "Wong kang nyebar wiji becik
iku Putraning Manungsa. 38 Pategalan iku
jagad. Wiji kang becik iku para putraning
Kraton lang alang-alange iku para anake
si pangawak dursila. 39 Satru kang nyebar
wiji alang-alang iku Iblis. Wektu panen
iku wekasaning jaman lan kang padha
derep iku malaekat. 40 Kang iku kayadene
alang-alang banjur kaklumpukake lan kaobong
ing geni, mangkono uga ing wekasaning
jaman, 41 Putraning Manungsa bakal ngutus
para malaekate kadhawuhan nglumpukake
samubarang kabeh kang dadi sandhungan
lan sakabehing wong kang nglakoni duraka
ana ing Kratone, 42 padha kacemplungake ing
pawon murub; ing kono kang bakal tinemu
panangis lan keroting untu. 43 Ing nalika iku
para wong sampurna bakal padha mancorong
kaya srengenge ana ing Kratone Ramane.
Wong kang duwe kuping, ngrungokna."

Pasemon bab raja-brana kapendhem lan mutyara adi

13:44-46

44 “Kratoning Swarga iku umpamane kaya
raja-brana kang kapendhem ing pategalan,
kang katemu dening wong banjur dipendhem
maneh. Marga saka bungahe, dheweke
banjur lunga ngedoli barang darbeke kabeh,
petegalan mau tumuli dituku.
45 Mangkono maneh Kratoning Swarga iku
umpanane kayadene wong dagang kang golek
mutyara kang adi.
46 Bareng wis oleh mutyara
kang banget ajine, banjur lunga ngedoli
barang darbeke kabeh, mutyara mau nuli
dituku.”

Pasemon bab krakad

13:47-52

47 “Karodene maneh Kratoning Swarga
iku upamane kaya krakad kang ditibakake
ing sagara, banjur ngumpulake iwak
warna-warna.
48 Bareng wis kebak banjur
digered mentas menyang ing gegisik, wonge
tumuli padha linggih milihi iwak-iwak kang
becik sarta diwadhahi, dene iwak kang
ora becik dibuwang.
49 Iya kaya mangkono
kaanane besuk ing wekasaning jaman.
Malaekat-malaekat bakal padha teka misahake
para wong kang ala saka tengahe para wong
mursid,
50 padha kacemplungake ing pawon

murub; ing kono kang tinemu panangis lan
keroting untu.
51 Kowe apa padha mangreti iku mau kabeh?”
Atur wangsulane para sakabat: “Inggih, Gusti.”
52 Gusti Yesus banjur ngandika: “Mulane
saben ahli Toret kang nampani piwulang
bab Kratoning Swarga iku upamane kaya
wong kang duwe omah, kang metokake
barang anyar lan barang lawas saka ing
pasimpenane.”

Gusti Yesus katampik ana ing Nasaret

13:53-58

Mk 6:1-6; Lk 4:16-30

53 Sawise rampung anggone paring pasemon-
pasemon mau, Gusti Yesus banjur tindak
saka ing kono. 54 Sarawuhe ing kutha asale,
wong-wong ing kono padha diparingi piwulang
ana ing papan pangibadahe. Wong-wong mau
padha kaeraman, pangucape: “Wong iku
olehe kawicaksanan lan panguwasa nindakake
mukjijat saka ing ngendi? 55 Apa iku dudu
anake tukang kayu? Embokne jenenge rak
Maryam, lan sadulure Yakobus, Yusuf, Simon
lan Yudas? 56 Lan sadulur-sadulure wadon
rak padha ana ing kene kabeh? Dadi olehe
iku kabeh saka ing ngendi?” 57 Wong-wong
mau temahan padha kesandhung ing bab
Panjenengane. Gusti Yesus banjur ngandika
marang wong-wong mau: “Kang jenenge nabi
iku ana ing ngendi-endi kajen, kajaba ana ing
papan asale lan ing omahe dhewe.” 58 Mulane

Panjenengane ora nindakake mukjijat akeh
ana ing kono, jalaran saka anggone padha ora
pracaya iku.

Sedane Nabi Yokanan

14:1-12

Mk 6:14-29; Lk 9:7-9

14 1 Nalika samana Sang Prabu Herodhes,
raja-wilayah, mireng pawarta bab Gusti
Yesus, 2 banjur ngandika marang para abdine:
“Iku Yokanan Pambaptis; wis tangi saka ing
antarane wong mati, mulane kadunungan
kasekten kaya mangkono.” 3 Amarga Sang
Prabu Herodhes pancen biyen wis dhawuh
nyepeng Nabi Yokanan, banjur dibesta lan
dilebokake ing pakunjaran, gegayutan karo
lelakone Sang Putri Herodhias, garwane Sang
Pangeran Filipus, sadhereke. 4 Jalaran Nabi
Yokanan ngengetake Sang Prabu: “Boten
kenging panjenengan dalem mundhut garwa
Sang Putri Herodhias!” 5 Sang Prabu Herodhes
kagungan karsa nyedani Nabi Yokanan,
nanging ajrih karo wong akeh, amarga iku
padha nganggep nabi marang panjenengane.
6 Ewadene bareng pinuju tingalan wiyosane
Sang Nata Herodhes, putri putrane Sang
Putri Herodhias, beksa ana ing satengahing
pahargyan, nengsemake panggalihe Sang
Nata Herodhes, 7 nganti Sang Prabu Herodhes
nglairake sumpah bakal maringi apa bae,
sing disuwun. 8 Wasana, marga saka wis
diajani ingkang ibu, putri mau banjur munjuk:

“Keparenga adalem nyuwun sirahipun Yokanan
Pambaptis wonten ing griki, kawadhahana
ing talam.” 9 Sang Nata dadine sungkawa
panggalihe, nanging marga saka wis supaos
lan marga saka anane para tamu, banjur
dhawuh maringake, 10 sarta utusan nigas
janggane Nabi Yokanan ana ing pakunjaran
11 lan mustakane digawa ana ing talam
kapasrahake marang putri mau, kang banjur
dicaosake marang ingkang ibu. 12 Sawise
iku para sakabate Nabi Yokanan tumuli teka
ngukup layone, disarekake, banjur padha
sowan ing ngarsane Gusti Yesus ngaturake
bab mau.

Gusti Yesus maringi mangan wong limang ewu

14:13-21

Mk 6:30-44; Lk 9:10-17; Yo 6:1-13

13 Bareng Gusti Yesus midhanget pawarta
iku, banjur tindak sumingkir saka ing kono,
nitih prau, arep miyambak menyang ing
panggonan kang samun. Nanging bareng
wong akeh krungu bab iki, tumuli padha nusul,
lumaku ing dharatan saka ing kutha-kuthane.
14 Nalika Gusti Yesus minggah ing dharatan,
mirsa wong pirang-pirang, kang akeh banget
cacahe, panggalihe trenyuh marga saka
welase marang wong-wong mau. Sing padha
lara banjur diwarasake.

15 Sorene para sakabate padha sowan ing
ngarsane lan matur: “Panggenan punika

samun tur sampun wiwit peteng. Tiyang
kathah punika prayogi kadhawuhan kesah
tumbas tedha dhateng ing dhusun-dhusun."
[16] Nanging Gusti Yesus ngandika: "Ora usah
padha lunga, kowe bae padha menehana
mangan." [17] Unjuke para sakabat: "Punika
namung wonten roti gangsal kaliyan ulam loh
kalih." [18] Dhawuhe Gusti Yesus: "Gawenen
mrene, wenehna Aku." [19] Wong akeh mau
banjur padha didhawuhi linggih ana ing
pasuketan. Lan sawise nampani roti lima
karo iwak loro mau, Gusti Yesus banjur
tumenga marang ing langit ndedonga nyuwun
berkah, tumuli rotine dicuwil-cuwil diparingake
marang para sakabat, lan para sakabat
kang ngedum marang wong akeh mau.
[20] Kabeh banjur padha mangan nganti wareg.
Sawise mangkono cuwilan-cuwilan turahane
diklumpukake dadi rolas wakul kebak, [21] sing
melu mangan mau cacahe wong lanang
kira-kira limang ewu, iku wong wadon lan
bocah-bocah ora kapetung.

Gusti Yesus tindak napak ing sagara

14:22-36

Mk 6:45-52; Yo 6:16-21

[22] Sawise iku Gusti Yesus banjur dhawuh
marang para sakabate, supaya padha
nunggang prau, ndhisiki tindake menyang
ing sabrang, dene wong akeh padha
kadhawuhan mulih. [23] Bareng wong akeh
wis padha kadhawuhan mulih, Gusti Yesus

banjur minggah ing gunung piyambakan,
arep ndedonga. Bengi iku Panjenengane
piyambakan bae ana ing kono. [24] Nalika iku
lakune praune para sakabat wis sawetara
stadi saka pinggir lan lagi montang-manting
katempuh ing ombak, amarga angine nampek.
[25] Bareng wis jam telu bengi Gusti Yesus tindak
nusul para sakabate, tindake napak ing sagara.
[26] Nalika para sakabat sumurup Panjenengane
tindak ing sadhuwuring banyu iku, padha
kaget lan alok: "Ana memedi!" banjur padha
jerit-jerit, marga saka wedine. [27] Nanging
tumuli padha dipangandikani dening Gusti
Yesus: "Padha dienak atimu! Iki Aku, aja
wedi!" [28] Petrus banjur munjuk kalawan
mbengok: "Gusti, manawi saestu Paduka,
kawula kadhawuhana murugi Paduka kaliyan
lumampah ing nginggil toya." [29] Dhawuhe
Gusti Yesus: "Mrenea!" Petrus banjur mudhun
saka ing prau, lumaku napak ing banyu,
marani Gusti Yesus. [30] Nanging bareng kena
angin gedhe, banjur wedi, temahan wiwit
ambles, tumuli mbengok: "Gusti, nyuwun
tulung!" [31] Gusti Yesus enggal-enggal mulung
astane, nyepeng Petrus sarta ngandika: "Heh,
wong kang cupet ing pangandel, yagene kok
mangu-mangu?" [32] Banjur padha munggah ing
prau, angine tumuli mendha. [33] Wong saisine
prau padha sujud ana ing ngarsane lan matur:
"Paduka punika saestu Putraning Allah."

[34] Sawise nyabrang, padha mentas ana ing
tanah Genesaret. [35] Bareng wong-wong ing
panggonan kono wis padha ora pangling

marang Gusti Yesus, banjur padha aweh weruh
marang ing wewengkon kono kabeh. Wong-
wong banjur padha ngirid sakehing wong
lara, kasowanake ing ngarsane, 36 kalawan
matur, keparenga amung ndemek gombyoking
jubahe, dene sapira kang ndemek, padha dadi
waras.

Pepakoning Pangeran lan tatanan agama

15:1-20

Mk 7:1-23

15 1 Sawise iku banjur ana wong Farisi lan
ahli Toret sawatara saka ing Yerusalem
kang padha sowan marang ngarsane Gusti
Yesus sarta matur: 2 "Punapa sababipun,
dene sakabat Panjenengan kok sami nerak
adat-tatacaranipun para leluhur kita? Manawi
badhe nedha kok sami boten wisuh tangan
rumiyin?" 3 Nanging paring wangsulane Gusti
Yesus marang wong-wong mau; "Yagene kowe
kok uga padha nerak angger-anggere Gusti
Allah marga saka anane adat-tata-caramu
dhewe? 4 Sabab Gusti Allah ngandika: Sira
ngajenana bapa biyungira; lan maneh: Sing
sapa ngipat-ipati bapa utawa biyunge kudu
mati. 5 Ewadene kandhamu: sing sapa kandha
marang bapa utawa biyunge: Punapa ingkang
dados gadhahan kula, ingkang kaginakaken
kangge ngopeni panjenengan, punika sampun
kangge kurban katur ing Pangeran, 6 wong iku
banjur wis ora kawajiban ngajeni bapakne
utawa biyunge maneh. Dadine kowe wis

ngorakake pepakoning Allah marga saka
adat-tata-caramu dhewe. 7 Heh, wong lamis,
ceples temen pamecane Nabi Yesaya tumrap
kowe:
8 Bangsa iki anggone ngluhurake Ingsun
kanthi lambene,
dene atine adoh karo Ingsun.
9 Tanpa guna anggone padha ngabekti
marang Ingsun,
dene piwulang kang diajarake iku pepakoning
manungsa.”
10 Gusti Yesus banjur nimbali wong akeh,
kang dipangandikani mangkene: 11 “Padha
ngrungokna lan mangretia: Kang njemberi
wong iku dudu kang mlebu ing cangkem,
nanging kang metu saka ing cangkem, iku
kang njemberi wong.”
12 Ing nalika iku para sakabate padha sowan
ing ngarsane lan munjuk: “Punapa Paduka
mirsa, bilih pangandika Paduka wau dados
sandhungan tumrap tiyang Farisi?” 13 Paring
wangsulane Gusti Yesus: “Sadhengaha
thethukulan kang dudu tanemane RamaKu
ing swarga iku bakal kabedhol saoyod-oyode.
14 Aja kokrewes wong iku, iku wong picak
nuntun padha wong picak. Yen wong picak
nuntun wong picak, loro-lorone mesthi padha
kecemplung ing luwangan.”
15 Petrus tumuli munjuk marang
Panjenengane: “Kawula mugi kaparingana
katrangan bab pasemon punika wau.”
16 Dhawuh pangandikane Gusti Yesus: “Dadi
kowe iya padha durung mangreti? 17 Apa kowe

padha ora mangreti, yen samubarang kang
lumebu ing cangkem, iku parane menyang
ing weteng banjur dibuwang menyang ing
pakiwan? 18 Nanging samubarang kang metu
saka ing cangkem iku asale saka ing ati
sarta iya iku kang njemberi marang wong.
19 Amarga kang thukule saka ing ati iku
kayata: pikiran kang ala, gawe pepati, laku
jina, cabul, nyenyolong, sumpah palsu lan
pitenah. 20 Yaiku kang gawe jembering wong.
Nanging mangan ora nganggo wisuh iku ora
njemberi."

Wong wadon bangsa Kanaan kang pracaya

15:21-28

Mk 7:24-30

21 Gusti Yesus banjur jengkar saka ing kono
tindak menyang ing tlatahe kutha Tirus lan
Sidon. 22 Tumuli ana wong Kanaan saka ing
jajahan kono kang teka kanthi nguwuh-uwuh:
"Dhuh, Gusti, tedhakipun Sang Prabu Dawud,
kawula mugi Paduka paringi kawelasan,
anak kawula estri kapanjingan dhemit,
mesakaken sanget." 23 Nanging Gusti Yesus
ora kersa paring wangsulan babar pisan. Para
sakabate padha ngadhep lan munjuk marang
Gusti Yesus: "Tiyang punika kadhawuhana
kesah, dene kok ngetutaken kita kaliyan
bengok-bengok."
24 Gusti Yesus banjur mangsuli,
pangandikane:"Aku mung kautus marani

wedhus-wedhus Banisrael kang padha
ilang bae.” [25] Nanging wong wadon mau
banjur marak lan sujud ing ngarsane Gusti
Yesus sarta matur: “Dhuh, Gusti, nyuwun
tulung!” [26] Nanging Gusti Yesus mangsuli,
pangandikane: “Ora bener, wong njupuk rotine
anak-anak banjur diuncalake marang asu.”
[27] Atur wangsulane wong wadon: “Kasinggihan
Gusti, nanging segawon rak inggih sami
nedha cuwil-cuwilan ingkang dhawah saking
mejaning bendaranipun.” [28] Ing kono Gusti
Yesus tumuli paring wangsulan pangandikane:
“Heh, wong wadon, kok gedhe pangandelmu,
mulane katekana apa kang dadi karepmu.”
Lan sanalika iku uga anake wong wadon mau
banjur waras.

Gusti Yesus maringi mangan wong patang ewu

15:29-39

Mk 8:1-10

[29] Gusti Yesus sawise jengkar saka ing tlatah
kono, banjur tindak menyang ing pinggiring
sagara Galilea lan minggah redi, tumuli
lenggah ing kono. [30] Banjur ana wong akeh
kang padha gumrudug mrono nyowanake
lumpuh, wong pincang, wong picak, wong bisu
lan liya-liyane akeh, padha kasowanake ing
ngarsane Gusti Yesus, kabeh banjur padha
diwarasake. [31] Temahan wong akeh padha
kaeraman ndeleng wong bisu padha caturan,
wong pincang padha waras, wong lumpuh

padha lumaku, wong picak bisa ndeleng, lan
kabeh banjur padha ngluhurake Allahe Israel.
32 Sawise iku Gusti Yesus tumuli nimbali para
sakabate, padha dipangandikani mangkene:
“AtiKu trenyuh banget saka welasKu marang
wong akeh iki. Wis telung dina anggone
padha ngetutake Aku, mangka wis ora ana
kang dipangan. Aku ora bisa akon mulih
wong-wong iku, amarga lagi padha kaluwen,
gek-gek padha ambruk ana ing dalan.” 33 Para
sakabate padha munjuk: “Kadospundi anggen
kawula sami saged angsal roti wonten ing
papan ingkang samun makaten, ingkang
ngantos saged damel tuwuking tiyang
ingkang samanten kathahipun punika?”
34 Pangandikane Gusti Yesus: “Kowe padha
duwe roti pira?” “Pitu,” atur wangsulane
para sakabat, “sarta wonten ulam alit-alit
sawatawis.” 35 Gusti Yesus banjur dhawuh
marang wong akeh iku, supaya padha lungguh
ing lemah. 36 Sawise mangkono Panjenengane
banjur mundhut roti pitu lan iwak-iwak mau
lan sawise caos sokur, banjur padha dicuwil-
cuwil lan diparingake marang para sakabat,
sarta para sakabat padha ngedum marang
wong akeh. 37 Tumuli kabeh padha mangan
nganti wareg. Sawise mangkono turahane
diklumpukake, nganti dadi pitung kranjang
kebak. 38 Anadene kang padha melu mangan
iku kang lanang, kajaba wong wadon lan
bocah-bocah, cacahe patang ewu. 39 Sawise
iku Gusti Yesus nuli dhawuh marang wong
akeh, supaya padha mulih. Panjenengane

banjur nitih prau tindak menyang ing tlatah Magadan.

Wong Farisi lan wong Saduki nyuwun pratandha

16:1-4

Mk 8:11-13

16 [1] Tumuli ana wong Farisi lan wong
Saduki sing padha sowan arep
nyoba marang Gusti Yesus. Wong-wong
iku padha nyuwun marang Panjenengane,
supaya ngatingalake pratandha saka ing
swarga. [2] Nanging paring wangsulane Gusti
Yesus: "Manawa sore langite katon abang
sumulak, kowe kandha; Iki bakal terang,
[3] sarta esuk, manawa langite katon abang
surem, kandhamu: Iki dina ora becik. Kowe
bisa mbedakake rupaning langit, nanging
tandha-tandhaning jaman ora ngreti. [4] Jinis
kang ala lan ora setya iki njaluk pratandha,
nanging bakal ora kaparingan kajaba mung
pratandhane Nabi Yunus." Gusti Yesus banjur
tindak nilar wong-wong mau.

Bab ragine wong Farisi lan wong Saduki

16:5-12

Mk 8:14-21

[5] Nalika para sakabat padha nyabrang ing
sagara, lali ora nggawa roti. [6] Banjur padha
dipangandikani Gusti Yesus mangkene: "Padha
sing awas, sing padha ngati-ati ing bab

ragine wong Farisi lan wong Saduki!”
7 Para
sakabat padha mikir-mikir lan banjur padha
rasanan: “Anggone ngandika mangkono iku
rak marga aku padha ora sangu roti.”
8 Bareng
Gusti Yesus mirsa apa sing padha dirembug
iku, tumuli ngandika: “Yagene kowe padha
rerembugan bab ora ana roti, heh, wong
kang cupet ing pangandel?
9 Apa kowe durung
padha mangreti? Apa padha ora kelingan bab
roti lima kanggo wong limang ewu lan pirang
kranjang sing kokklumpukake?
10 Apa uga
lali bab roti pitu kanggo wong patang ewu
lan pirang kranjang kang kokklumpukake?
11 Kapriye ta dene kowe kok padha ora
mangreti, yen kang Dakkarepake iku dudu
roti. Aku pitutur marang kowe: Sing waspada
marang ragine wong Farisi lan wong Saduki!”
12 Ing kono para sakabat lagi padha mangreti,
yen dhawuhe Gusti Yesus iku mau, ora supaya
waspada marang ragi lan roti, nanging marang
piwulange para wong Farisi lan para wong
Saduki.

Pangakune Petrus ing bab Gusti Yesus

16:13-20

Mk 8:27-30; Lk 9:18-21

13 Bareng Gusti Yesus rawuh ing laladan
Kaesarea Filipi, banjur ndangu marang
para sakabate: “Kandhane wong-wong,
Putraning Manungsa iku sapa?”
14 Atur
wangsulane:“Wonten ingkang cariyos:
Nabi Yokanan Pambaptis, wonten ugi

ingkang mastani: Nabi Elia; wonten malih
ingkang mastani: Nabi Yeremia utawi salah
satunggaling nabi.” [15] Gusti Yesus banjur
ndangu: “Nanging tumraping kowe, Aku iki
sapa?” [16] Atur wangsulane Simon Petrus:
“Paduka punika Sang Kristus, Putraning
Allah ingkang gesang!” [17] Pangandikane
Gusti Yesus marang Petrus: “Rahayu kowe!
Simon bin Yunus, amarga kang nglairake iku
marang kowe dudu daging lan getih, nanging
RamaKu kang ana ing swarga. [18] Lan Aku iya
pitutur marang kowe: Kowe iku Petrus, sarta
watu karang iki bakal dakanggo tetalesing
pasamuwanKu, kang ora bakal dikuwasani
dening pati. [19] Kowe bakal dakpasrahi soroging
Kraton Swarga. Apa kang koktaleni ana ing
donya bakal katalenan ana ing swarga lan
apa kang kokuculi ana ing donya, bakal
kauculan ana ing swarga.” [20] Gusti Yesus
banjur ngawisi para sakabate, ora diparengake
martak-martakake marang wong siji-sijia, yen
Panjenengane iku Sang Kristus.

Pawarta kang kapisan bab anggone Gusti Yesus bakal nandhang sangsara

16:21-23

Mk 8:31--9:1; Lk 9:22-27

[21] Wiwit nalika iku Gusti Yesus wiwit
paring pitedah marang para sakabate,
yen Panjenengane kudu tindak menyang
Yerusalem, lan bakal nandhang kasangsaran
pirang-pirang marga saka panggawene para

pinituwa, para pangareping imam lan para
ahli Toret sarta banjur disedani, lan ing telung
dinane kawungokake.
22 Nanging Petrus banjur
nggered Panjenengane kalawan munjuk:
“Gusti, mugi Gusti Allah nebihaken bab punika!
Sampun pisan-pisan Paduka ngantos kataman
ingkang makaten punika.”
23 Nanging Gusti
Yesus banjur mengo sarta ngandika marang
Petrus: “Heh, setan, sumingkira. Kowe iku
dadi sandhunganKu, sabab kowe ora mikir apa
kang kagalih dening Allah, nanging mung sing
dipikir dening manungsa.”

Bab manggul salib

16:24-28

24 Gusti Yesus banjur ngandika marang
para sakabat: “Manawa ana wong kang arep
ngetut-buri Aku, iku kudu nyingkur awake
dhewe sarta manggula salibe lan melua Aku.
25 Amarga sing sapa kumudu-kudu nylametake
nyawane, iku bakal kelangan nyawane,
nanging kang kelangan nyawane marga saka
Aku, iku bakal nemu.
26 Apa gunane oleh
donya iki kabeh, yen kelangan nyawane?
Lan apa kang bakal diaturake minangka ijole
nyawane?
27 Awit Putraning Manungsa bakal
rawuh ngagem kamulyane Ingkang Rama,
ginarebeg ing para malaekate; ing nalika
iku Panjenengane bakal ngganjar marang
sawiji-wijining wong manut panggawene.
28 Satemene Aku pitutur marang kowe:
Wong-wong kang padha ana ing kene iki

ana kang ora bakal padha mati, sadurunge
sumurup Putraning Manungsa rawuh ing
kratone.”

Gusti kamulyakake ana ing gunung

17:1-13

Mk 9:2-13; Lk 9:28-36

17 1 Sawise nem dina Petrus lan Yakobus
sarta Yokanan sadulure kadhawuhan
ndherek Gusti Yesus minggah ing gunung
kang dhuwur, prelu miyambak. 2 Gusti Yesus
banjur katon santun cahya ana ing ngarepe
para sakabat mau, pasuryane mancorong
kaya srengenge, sarta pangagemane putih
sumorot kaya pepadhang. 3 Tumuli padha
dikatingali Nabi Musa lan Nabi Elia, kang
padha ngandikan karo Panjenengane. 4 Petrus
banjur matur marang Gusti Yesus: “Gusti,
iba saenipun, bilih kawula sadaya wonten
ing ngriki. Manawi Paduka marengaken,
kawula badhe damel pondhokan tetiga,
satunggal kagem Paduka, satunggal kagem
Nabi Musa saha satunggalipun malih kagem
Nabi Elia.” 5 Sajrone lagi matur, dumadakan
ana mega padhang kang ngayomi wong
akeh, sarta banjur ana swara kaprungu
saka ing sajroning mega, pangandikane:
“Iki PutraningSun, KekasihingSun, Kang
damel renaning panggalihingSun, Iku sira
rungokna.” 6 Krungu kang mangkono iku para
sakabat padha sumungkem ing bumi lan
banget wedine. 7 Gusti Yesus banjur nyelak

njawili para sakabate sarta ngandika: “Padha
ngadega, aja wedi.” [8] Lan bareng padha
ndengengek, sing katon mung Gusti Yesus
piyambak, ora ana wong liyane maneh.
[9] Nalika padha mudhun saka ing gunung,
Gusti Yesus paring piweling marang para
sakabate mau, pangandikane: “Wahyu iku
mau aja kokkandhak-kandhakake marang
sapa bae, sadurunge Putraning Manungsa
kawungokakake saka ing antarane wong mati.”
[10] Para sakabate tumuli padha matur pitaken:
“Manawi makaten, punapaa dene para ahli
Toret sami cariyos, bilih Nabi Elia pinasthi
rawuh rumiyin?” [11] Paring wangsulane Gusti
Yesus: “Pancen Elia bakal teka mbenakake
samubarang kabeh, [12] nanging Aku pitutur
marang kowe: Elia wis teka, mung bae
wong-wong ora wanuh marang dheweke,
malah digawe sawenang-wenang. Mangkono
uga Putraning Manungsa iya bakal nandhang
sangsara marga saka panggawene wong-wong
mau.” [13] Nalika iku para sakabate Gusti Yesus
padha mangerti, yen kang dipangandikakake
iku Nabi Yokanan Pambaptis.

Bocah kang lara ayan kesurupan dhemit diwarasake

17:14-21

Mk 9:14-29; Lk 9:37-43

[14] Bareng wis padha bali tekan ing enggone
wong akeh maneh, ana wong kang sowan
ing ngarsane Gusti Yesus banjur sujud

lan matur: [15] "Gusti, anak kawula mugi
Paduka welasi. Piyambakipun sakit ayan, lan
sangsara sanget. Asring dhawah ing latu lan
inggih asring dhawah ing toya. [16] Sampun
kawula bekta dhateng ing ngajenging para
sakabat Paduka, nanging sami boten saged
nyarasaken." [17] Gusti Yesus banjur ngandika:
"Heh, jinis kang ora duwe pangandel lan kang
kablinger, nganti pira lawase anggonKu isih
kudu tetunggalan karo kowe kabeh? Nganti
pira lawase anggonKu isih kudu tahan ana ing
antaramu? Bocahe prenekna!" [18] Gusti Yesus
banjur ndukani dhemite, wasana metu, sarta
wiwit nalika iku bocahe dadi waras.

[19] Para sakabat tumuli padha sowan
ngadhep ing ngarsane lan bareng wis karo
Panjenengane piyambakan, padha matur:
"Punapa dene kawula sami boten saged
nundhung dhemit wau?" [20] Banjur padha
kaparingan wangsulan: "Jalaran pracayamu
kurang. Sabab satemene pituturKu marang
kowe: Saupama kowe duwe pangandel sawiji
sawi bae, kowe bisa akon gunung: Sumingkira
saka ing kene mrana. Gununge iku mesthi
ngalih, sarta ora ana barang kang mokal
tumrap kowe. [21] [Jinis iki ora bisa katundhung
yen ora sarana ndedonga lan pasa]."

Pameca kang kapindho bab sangsarane Gusti Yesus

17:22-23

Mk 9:30-32; Lk 9:43-45

22 Nalika padha ana ing tanah Galilea
Gusti Yesus ngandika marang para sakabat:
“Putraning Manungsa bakal dipasrahake
marang tanganing wong, 23 sarta bakal
disedani lan ing telung dinane bakal
kawungokake.” Mulane para sakabat padha
susah banget.

Gusti Yesus asok pajeg Padaleman Suci

17:24-27

24 Bareng padha lumebu ing kutha
Kapernaum, para juru mupu pajeg Padaleman
Suci padha marani Petrus lan calathu: “Guru
Panjenengane punapa boten asok paos kalih
drakhma?” 25 Wangsulane Petrus: “Inggih
asok!” Nalika Petrus lumebu ing omah, Gusti
Yesus ngrumiyini kalawan ndangu: “Simon,
panemumu kapriye? Sapa sing dipundhuti
beya lan pajeg dening para raja ing donya
iki, para putrane apa wong manca?” 26 Ature
Petrus: “Tiyang manca!” Gusti Yesus ngandika:
“Dadine para putra ora. 27 Nanging supaya
aku kabeh aja dadi sandhungan tumrap
wong-wong iku, kowe mancinga menyang
sagara. Iwak kang kena kokpancing dhisik
dhewe iku cekelen, angapna cangkeme, kowe

bakal nemu dhuwit patang drakhma ana ing jerone. Jupuken bayarna marang wong-wong iku, kanggo Aku lan kowe.”

Bab sapa kang pinunjul ana ing Kratoning Swarga lan bab sandhungan

18:1-11

Mk 9:33-37; Lk 9:46-48

18 [1] Ing nalika iku para sakabat padha
sowan ngadhep ing ngarsane Gusti
Yesus lan matur pitakon: “Sinten ta ingkang
pinunjul wonten ing Kratoning Swarga
punika?” [2] Gusti Yesus banjur nimbali bocah
cilik siji, didegake ana ing tengahe para
sakabat [3] tumuli ngandika: “Satemene
pituturKu marang kowe: Manawa kowe ora
mratobat lan dadi kaya bocah cilik iki, kowe
ora bakal lumebu ing Kratoning Swarga. [4] Dadi
sing sapa ngesorake awak lan dadi kaya bocah
cilik iki, yaiku kang pinunjul ana ing Kratoning
Swarga. [5] Karodene sing sapa nampani bocah
pepadhane iki atas saka jenengKu, iku Aku
kang ditampani. [6] Nanging sing sapa dadi
sandhungan tumrap salah sawijining bocah
cilik iki, kang pracaya marang Aku, iku luwih
becik dikalungi watu panggilingan banjur
dicemplungake ing sagara bae. [7] Bilai jagad
lan sakabehing sesandhungane. Sandhungan
iku pancen kudu ana, nanging bilai wong kang
njalari tekane.

[8] Manawa tanganmu utawa sikilmu dadi
sandhungan tumrap kowe, kethoken lan

buwangen, amarga luwih becik tumraping
kowe, urip kanthi tangan kuthung utawa
buntung, katimbang karo tangamu lan sikilmu
karo-karone wutuh nanging kacemplungake
ing geni langgeng. 9 Sarta manawa mripatmu
dadi sandhungan tumrap kowe, cuplaken lan
buwangen, amarga luwih becik tumrap kowe
lumebu ing urip kalawan pece katimbang
kacemplungake ing geni naraka kalawan
ganep mripatmu.
10 Poma, aja nganti ngremehake salah
sawijining bocah cilik iki. Amarga Aku pitutur
marang kowe: Malaekate ana ing swarga
tansah padha mandeng marang pasuryane
RamaKu kang ana Swarga. 11 [Dene rawuhe
Putraning Manungsa iku prelu nylametake
kang katriwal]."

Pasemon bab wedhus kang ilangerumpamaan tentang domba yang hilang

18:12-14

Lk 15:3-7

12 "Panemumu kapriye? Manawa ana
wong duwe wedhus satus, banjur ana siji
kang katriwal, apa ora bakal ninggal sing
sangangpuluh sanga ana ing pagunungan
tumuli lunga nggoleki wedhus kang katriwal
mau? 13 Satemene Aku pitutur marang kowe:
Manawa bisa ketemu, kabungahane tumrap
wedhus sing siji iki ngluwihi tumrap wedhus
sangangpuluh sanga kang ora katriwal.

14 Mangkono uga Ramamu kang ana ing
swarga ora ngarsakake ilange bocah iki siji
bae.”

Bab ngelingake sadulur kang luput

18:15-20

15 “Manawa sadulurmu duwe kaluputan,
elingna dhedhewekan. Manawa nggugu
marang kandhamu, tegese kowe wis ngentas
sadulurmu. 16 Dene yen ora nggugu, kowe
ngajaka wong siji utawa loro engkas, supaya
marga saka anane katrangane seksi loro
utawa telu, prakarane banjur rampung.
17 Ewadene yen ora gelem manut, aturna
marang pasamuwan. Lan yen meksa ora
manut karo pasamuwan, anggepen wong kapir
utawa juru-mupu-beya.
18 Satemene pituturKu marang kowe: Apa
kang koktaleni ana ing donya iku bakal
katalenan ana ing swarga lan apa kang
kokuculi ana ing donya iku bakal kauculan
ana ing swarga. 19 Lan maneh Aku pitutur
marang kowe: Manawa panunggalanmu ing
donya ana wong loro kang saiyeg nyuwun
apa bae, panyuwune iku bakal dikabulake
dening RamaKu kang ana ing swarga.
20 Sabab ing ngendi ana wong loro utawa telu
padha nglumpuk kalawan nganggep marang
jenengKu, ing kono Aku ana ing tengahe.”

Pasemon bab ngapura kaluputan

18:21-35

21 Sawise iku Petrus nuli ngadhep ing
ngarsane Gusti Yesus lan munjuk: "Gusti,
manawi sadherek kawula gadhah kalepatan
dhateng kawula, ngantos kaping pinten
anggen kawula kedah ngapunten? Punapa
ngantos kaping pitu?" 22 Paring wangsulane
Gusti Yesus: "PituturKu marang kowe:
Aja mung ping pitu, malah ngantia ping
pitungpuluh ping pitu.
23 Sabab Kratoning Swarga iku upamane
kaya sawijining ratu kang karsa etang-etangan
karo abdine. 24 Bareng wiwit etang-etangan,
ana siji kasebakake kang duwe utang saleksa
talenta. 25 Sarehne wong iku ora bia ngesahi
utange, Sang Nata banjur dhawuh, supaya
wong iku dalah anak bojone lan sakabehe
barang darbeke padha didoli kanggo nglunasi
utange. 26 Abdi mau tumuli sumungkem sujud
ana ing ngarsane Sang Prabu lan munjuk:
Dhuh, Gusti, mugi wontena kasabaran dalem
dhateng kawula, sadaya sambutan kawula
badhe kawula lunasi. 27 Sang Nata trenyuh
ing galih marga saka welase marang abdi
iku, mulane abdine banjur diluwari, utange
dililakake.
28 Nanging saundure abdi mau banjur
kapethuk karo abdi liyane kang utang marang
dheweke satus dinar, tumuli dicekel lan
ditekak gulune, calathune: Sauren utangmu!

29 Kancane abdi mau banjur sumungkem
kanthi ngucap: Kula aturi sabar rumiyin,
sambutan kula badhe kula lunasi. 30 Nanging
kang motangake rengkeng, malah kancane
mau banjur kapasrahake marang pakunjaran
nganti salunase utange.
31 Ndeleng kang mangkono iku kanca-kanca
liyane padha sedhih banget. Bab iku kabeh
banjur kalapurake marang gustine. 32 Sang
Prabu nuli dhawuh nimbali wong mau sarta
banjur dipangandikani: Heh, abdi kang ala,
utangira kang semana kehe wis sunlilakake
kabeh, marga sira matur memelas marang
ingsun. 33 Apa kowe ora wajib melasi marang
mitramu, kayadene aku iya wis melasi
kowe? 34 Gustine duka banget. Abdi mau
banjur kapasrahake marang algojo, nganti
sapundhate utange kabeh.
35 Samono uga RamaKu kang ana ing swarga
iya bakal tumindak mangkono tumrap ing
kowe, manawa kowe dhewe-dhewe ora gelem
ngapura marang kaluputane sadulurmu kanthi
terusing ati."

Bab pegatan

19:1-12

Mk 10:1-12

19 1 Bareng Gusti Yesus wis mungkasi
piwulange mau banjur tindak saka ing
Galilea menyang ing tlatahe tanah Yudea ing
sabrange bengawan Yarden. 2 Akeh wong
kang padha gumrudug ndherekake, nuli

padha diwarasake ana ing kono. [3] Tumuli ana
wong-wong Farisi kang sowan ing ngarsane,
sumedya nyoba Panjenengane, ature: “Tiyang
punapa dipun kengingaken megat semahipun
awit saking sadhengaha sabab?” [4] Paring
wangsulane Gusti Yesus: “Apa kowe ora
maca, yen kang nitahake manungsa iku wiwit
sakawit anggone ndadekake wis arupa lanang
lan wadon? [5] Lan pangandikane: Mulane
wong lanang iku kudu ninggal bapa biyunge
sarta banjur manunggal karo rabine, temah
loro-lorone dadi daging siji. [6] Mulane wis
mari dadi loro, mung siji. Awit saka iku, apa
kang wus katunggalake dening Allah, ora
kena kapisah dening manungsa.” [7] Unjuke
wong-wong Farisi mau: “Manawi makaten,
punapaa dene Nabi Musa dhawuh supados
nyukani serat pegat, manawi tiyang megat
ingkang estri?” [8] Gusti Yesus ngandika: “Marga
saka wangkoting atimu, Musa ngidini kowe
megat bojomu, nanging wiwitan mula ora
mangkono. [9] Malah Aku pitutur marang kowe:
Sing sapa megat rabine, liyane jalaran saka
laku jina lan banjur rabi liyane, iku dadi
laku bandrek.” [10] Para sakabat tumuli padha
munjuk: “Manawi makaten kawontenanipun
tiyang sesemahan, langkung sae boten
emah-emah.” [11] Nanging pangandikane: “Ora
kabeh wong ngreti marang kandhaKu, mung
kang wus kaparingan kanugrahan. [12] Ana wong
kang ora bisa omah-omah, awit wiwit lair saka
ing guwa-garbane ibune, kaanane wis kaya
mangkono lan ana wong kang didadekake

mangkono dening wong liya lan ana maneh kang gawe awake dhewe mangkono saka karepe dhewe marga saka Kratoning Swarga. Sing sapa bisa ngreti, supaya mangretia.”

Gusti Yesus mberkahi bocah-bocah

19:13-15

Mk 10:13-16; Lk 18:15-17

13 Tumuli ana wong kang padha nyowanake
bocah cilik-cilik marang ngarsane Gusti Yesus,
supaya ditumpangana asta sarta didongakake;
nanging banjur padha disrengeni dening para
sakabat. 14 Nanging Gusti Yesus ngandika:
“Cikben bocah-bocah iku, aja kokalang-alangi
anggone padha sowan ing ngarsaKu, sabab
wong-wong kang kaya mangkono iku,
kang padha ndhuweni Kratoning Swarga.”
15 Panjenengane nuli numpangi asta marang
bocah-bocah mau, banjur tindak saka ing
kono.

Wong nom-noman sugih sowan ing ngarsane Gusti Yesus

19:16-26

Mk 10:17-27; Lk 18:18-27

16 Ana sawijining wong sowan ing ngarsane
Gusti Yesus lan matur: “Gusti, kula
kedah nglampahi pandamel sae punapa,
supados saged angsal gesang langgeng?”
17 Pangandikane Gusti Yesus: “Apa sababe,
dene kowe takon marang Aku bab apa kang

becik? Kang becik iku mung Siji. Ewadene
manawa kowe kapengin lumebu ing urip,
tetepana sakabehing pepakon.” [18] Unjuke
wong mau: “Pepaken ingkang pundi?” Paring
wangsulane Gusti Yesus: “Sira aja memateni,
sira aja laku jina, sira aja nyenyolong, sira aja
ngucapake paseksi goroh. [19] Sira ngajenana
bapa-biyungira lan sira tresnaa marang
sapepadhanira kayadene awakira dhewe.”
[20] Unjuke wong anom iku: “Punika sadaya
sampun kula tetepi, punapa malih ingkang
taksih kirang?” [21] Pangandikane Gusti Yesus:
“Yen kowe arep sampurna, wis lungaa, barang
darbekmu kabeh dolana, lan pepayone kabeh
wenehana marang wong miskin, temahan
kowe oleh bandha ana ing swarga, banjur
mrenea, melua Aku.” [22] Bareng wong anom
mau krungu pangandika kang mangkono
iku, banjur mundur kalawan sedhih, amarga
bandhane akeh.

[23] Gusti Yesus tumuli ngandika marang para
sakabate: “Satemene pituturKu marang kowe,
yen wong sugih iku angel banget bisane
lumebu ing Kratoning Swarga. [24] Sapisan
engkas pituturKu marang kowe, luwih
gampang unta lumebu ing bolonganing dom
tinimbang wong sugih lumebu ing Kratoning
Allah.” [25] Para sakabate bareng krungu kang
kaya mangkono iku, padha banget anglesing
atine sarta padha ngunandika: “Yen mangkono
iku sapa ta sing bisa oleh karahayon?” [26] Gusti
Yesus banjur mandeng marang para sakabat
sarta ngandika: “Tumraping manungsa bab iku

mokal, nanging mungguhing Allah samubarang kabeh bisa kalakon.”

Ganjarane para pandhereke Gusti Yesus

19:27-30

Mk 10:28-31; Lk 18:28-30

27 Petrus tumuli mangsuli, unjuke: “Kawula
sadaya sampun sami nilar samukawis saha
lajeng ndherek Paduka; ingkang punika kawula
sami badhe angsal punapa?” 28 Pangandikane
Gusti Yesus: “Satemene pituturKu marang
kowe, besuk ing jaman pembangunan,
manawa Putraning Manungsa lenggah ing
dhampar kamulyan, kowe kang wis padha
ndherek Aku, iya bakal linggih ing dhampar
rolas sarta ngadili taler Israel rolas. 29 Lan
saben wong kang marga saka Aku wis
ninggal omahe, sadulure lanang utawa
wadon, bapa-biyunge, anak-anake apadene
palemahane, iku bakal tampa sembulih tikel
satus lan bakal oleh warisan urip langgeng.
30 Ananging akeh pangarep kang bakal
dadi pamburi lan para pamburi bakal dadi
pangarep.”

Pasemon bab buruh tani ing kebon anggur

20:1-16

20 1 “Anadene Kratoning Swarga iku kena
diupamakake wong kang ing wanci esuk
umun-umun metu golek wong buruh kanggo
kebone anggur. 2 Bareng wis padha sarujuke

opahe nyadinar sadina, banjur padha dikon
menyang ing kebone. [3] Kira-kira jam sanga
dheweke metu maneh nuli weruh wong-wong
kang padha nganggur ana ing pasar.
[4] Calathune marang wong-wong mau: Kowe
iya padha menyanga ing pakebonanku anggur,
mengko bakal dakwenehi pituwas sapantese.
Wong-wong mau uga banjur padha mangkat.
[5] Kira-kira jam rolas lan jam telu awan metu
maneh lan iya nindakake kaya ing ngarep
mau. [6] Watara jam lima sore iya metu maneh
sarta weruh maneh wong-wong kang padha
nganggur, banjur padha ditakoni: Yagene
kowe padha nganggur bae ana ing kene sadina
muput? [7] Wangsulane wong-wong, mau: Awit
boten wonten tiyang ingkang mberahaken
dhateng kula. Iku tumuli dipituturi: Kowe iya
padha menyanga kebonku anggur. [8] Bareng
wis surup sing duwe pakebonan kandha
karo mandhore: Buruh-buruh mau padha
undangen, padha wenehana buruhane, wiwit
sing mlebu keri dhewe nganti tekan sing
mlebu dhisik dhewe. [9] Wong-wong kang
kira-kira jam lima wiwit nyambut-gawe padha
teka, lan diopahi nyadinar. [10] Sawise iku kang
mlebune esuk dhewe padha mara, pangirane
bakal tampa opah luwih akeh, nanging
jebul iya tampa nyadinar. [11] Nalika padha
nampani opahe, padha ngumel-umeli kang
duwe pakebonan. [12] Tembunge: Tiyang-tiyang
punika mlebetipun kantun piyambak, dados
namung nyabut-damel sajam, mangka
lajeng panjenengan damel sami kaliyan

kula ingkang nyambut-damel awrat sadinten
muput saha sami kabenteran. 13 Nanging
kang duwe pakebonan mangsuli marang
salah sawijining wong mau: Aku rak ora
luput karo kowe. Kowe karo aku rak wis
padha sarujuk nyadinar sadina? 14 Tampanana
bageanmu banjur lungaa. Iki wis dadi karepku
menehi wong kang mlebu keri dhewe padha
karo kowe. 15 Apa aku ora wenang nganggo
duwek-duwekku dhewe sakarepku? Apa kowe
meri, dene aku kok loma?

16 Iya kaya mangkono iku, kang dadi pamburi
bakal dadi pangarep lan kang dadi pangarep
bakal dadi pamburi."

Gusti mratelakake kaping telune bab anggone bakal nandhang sangsara

20:17-19

Mk 10:32-34; Lk 18:31-34

17 Nalika Gusti Yesus arep tindak menyang
Yerusalem, banjur nimbali para sakabate
rolas dhewekan sarta ana ing dalan padha
dipangandikani mangkene: 18 "Saiki Aku lan
kowe kabeh padha menyang ing Yerusalem lan
Putraning Manungsa bakal diulungake marang
para pangareping imam lan para ahli Toret;
iku bakal nibakake paukuman pati marang
Panjenengane 19 lan masrahake marang
wong-wong kapir, supaya dipoyoki lan disapu
banjur disalib sarta ing telung dinane bakal
kawungokake."

Panyuwune ibune anak-anake Zebedheus

20:20-28

Mk 10:35-45

20 Ibune anak-anake Zebedheus marak ing
ngarsane Gusti Yesus karo anak-anake, banjur
sujud sarta arep ngaturake panyuwunan.
21 Gusti Yesus ndangu: "Kowe arep matur apa?"
Unjuke: "Mugi karsaa paring dhawuh, supados
anak kawula kekalih punika, benjing wonten
ing Kraton Paduka, sami linggiha ingkang
satunggal wonten ing tengen, satunggalipun
ing kiwa Paduka." 22 Nanging Gusti Yesus
paring wangsulan, pangandikane: "Kowe
iku padha ora ngreti kang koksuwun. Apa
kowe bisa ngombe ing tuwung pangomben,
kang kudu Dakunjuk?" Karo-karone munjuk:
"Inggih saged." 23 Pangandikane Gusti Yesus:
"TuwungKu pancen bakal kokombe, nanging
bab linggih ing tengenKu utawa ing kiwaKu,
iku Aku ora wenang nglilani. Iku bakal
kaparingake marang wong-wong, kang wis
cinadhang dening RamaKu."
24 Sakabat kang sapuluh, bareng krungu
kang mangkono iku, padha nepsu marang
sadulur loro mau. 25 Banjur padha ditimbali
dening Gusti Yesus sarta dipangandikani:
"Kowe padha ngreti, yen kang padha ngasta
peprentahaning bangsa-bangsa anggone
nindakake peprentahan kalawan keras,
sarta para panggedhe padha nindakake
panguwasane kanthi kenceng. 26 Ananging

kowe aja padha mangkono. Sing sapa
kapengin dadi gedhe ana ing antaramu,
iku dadia batur, [27] lan sing sapa kapengin
dadi pangarep ana ing antaramu, iku dadia
budhakmu. [28] Padha karo Putraning Manungsa
anggone rawuh iku ora supaya diladosi,
nanging malah ngladosi sarta masrahake
nyawane minangka tetebusan tumrap wong
akeh."

Gusti Yesus nyarasake wong picak ing Yerikho

20:29-34

Mk 10:46-52; Lk 18:35-43

[29] Nalika padha metu saka ing kutha Yerikho,
Gusti Yesus kadherekake ing wong akeh
banget. [30] Ana wong picak loro linggih
ing pinggir dalan krungu yen Gusti Yesus
langkung, banjur padha nguwuh-uwuh: "Gusti,
mugi karsaa melasi kawula, dhuh Putranipun
Sang Prabu Dawud!" [31] Nanging banjur padha
disendhu ing wong akeh, dikon meneng.
Ewasemono malah saya seru anggone padha
nguwuh-uwuh, ature: "Dhuh, Gusti, mugi
karsaa melasi kawula, dhuh Putranipun Sang
Prabu Dawud!" [32] Gusti Yesus banjur kendel
anggone tindak sarta nimbali wong-wong mau,
sarta dipangandikani: "Kowe padha nyuwun
Dakkapakake?" [33] Atur wangsulane: "Gusti,
kawula nyuwun, supados mripat kawula saged
ningali." [34] Gusti Yesus trenyuh panggalihe
marga saka welas, banjur ndumuki mripate

wong-wong mau. Padha sanalika padha bisa ndeleng, tumuli padha ndherekake Gusti Yesus.

Gusti Yesus kaarak lumebet ing kutha Yerusalem

21:1-11

Mk 11:1-10; Lk 19:28-38; Yo 12:12-15

21 [1] Bareng lakune wis cedhak Yerusalem,
wis tekan ing desa Betfage ing gunung
Zaitun, Gusti Yesus utusan sakabate loro,
[2] dhawuhe: "Padha menyanga ing desa
ngarepmu iku, mengko kowe bakal enggal
mrangguli kuldi wadon cacangan karo belone
ana ing sandhinge. Iku padha uculana lan
loro-lorone gawanen mrene. [3] Dene manawa
ana wong kang ngaruh-aruhi kowe, kandhaa:
Punika prelu kagem Gusti. Mangke tumunten
badhe dipun wangsulaken."

[4] Bab iku kalakone supaya kayektenan kang
dipangandikakake dening nabi:

[5] "Tutura marang putri Sion:
Delengen, Ratunira ngrawuhi sira,
Panjenengane iku alus panggalihe
sarta nitih kuldi, beloning kuldi momotan."

[6] Sakabat-sakabat mau banjur mangkat
lan nindakake apa sadhawuhe Gusti Yesus.
[7] Kuldine karo belone digawa, banjur dilarabi
sandhangane. Gusti tumuli nitih. [8] Wong-wong
kang gunggunge akeh banget iku padha
njereng panganggone ana ing dalan, ana
maneh kang padha mecoki pang-panging

wit-witan, padha disebar ana ing dalan.
9 Lan wong akeh kang padha lumaku ana ing
ngarsane Gusti Yesus lan kang lumaku ana ing
sawingkinge padha nguwuh-uwuh pangucape:
"Hosana konjuk ing Putranipun Prabu Dawud,
binerkahana ingkang rawuh awit saking
Asmaning Pangeran.
Hosana wonten ing ngaluhur."
10 Nalika Panjenengane lumebet ing Yerusalem,
wong sakutha kabeh padha horeg, lan padha
ngucap: "Sapa ta wong iki?" 11 Wong akeh
padha mangsuli: "Iku Nabi Yesus saka Nasaret
ing tanah Galilea."

Gusti Yesus nyucekake Padaleman Suci

21:12-17

Mk 11:15-19; Lk 19:45-48; Yo 2:13-16

12 Gusti Yesus banjur lumebet ing Padaleman
Suci sarta nundhungi wong kang padha
dol-tinuku ana ing plataraning Padaleman
Suci, meja-mejane wong pareyalan lan
bangku-bangkune wong adol manuk dara
padha digolingake, 13 apamaneh wong-wong
mau padha dipangandikani: "Ana tulisan
mangkene: PadalemaningSun bakal kasebut
dalem pamujan, nanging kokdadekake
kedhung begal."
14 Tumuli ana wong wuta lan wong pincang
padha sowan ing ngarsane Gusti Yesus ana ing
Padaleman Suci lan banjur padha kawarasake.
15 Ewadene bareng para pangareping imam
lan para ahli Toret padha weruh mukjijat

kang ditindakake sarta bocah-bocah kang padha nguwuh-uwuh ana ing Padaleman Suci: “Hosana konjuk ing Putranipun Sang Prabu Dawud!”, atine jengkel banget, [16] banjur matur marang Panjenengane: “Panjenengan punapa mireng ingkang dipun cariyosaken lare-lare punika?” Gusti Yesus ngandika: “Iya, krungu; apa kowe durung tau maca: Paduka sampun nyawisaken puji medal ing cangkemipun lare-lare saha bayi-bayi?”

[17] Gusti Yesus banjur nilar wong-wong mau, tindak miyos saka ing kutha menyang ing desa Betania lan nyare ana ing kono.

Gusti Yesus nyupaosi wit anjir

21:18-22

Mk 11:12-14, 20-26

[18] Esuke nalika tindak wangsul menyang ing kutha, Gusti Yesus kraos kerapan. [19] Bareng mirsa wit anjir ana ing pinggir dalan, tumuli dipurugi, nanging ora manggih apa-apa ana ing wit iku, kajaba mung godhong thok, banjur dipangandikani: “Aja metu wohmu maneh ing salawas-lawase!” Padha sanalika wit anjir mau dadi garing. [20] Weruh kang kaya mangkono iku para sakabat padha kaeraman sarta munjuk: “Kadospundi, dene wit anjir punika lajeng dados garing sami sanalika?” [21] Paring wangsulane Gusti Yesus: “Satemene pituturKu marang kowe, manawa kowe pracaya ora nganggo mangu-mangu, kowe mesthi ora mung bisa nindakake apa kang Daktindakake

tumrap marang wit anjir iki bae, nanging
sanadyan gunung iki kokcalathoni: Mumbula
lan ambyura ing sagara, mesthi iya bakal
kalakon. 22 Lan apa bae kang koksuwun ing
pandonga kalawan pracaya, mesthi bakal
kaparingake.”

Pitakonan bab panguwaose Gusti Yesus

21:23-27

Mk 11:27-33; Lk 20:1-8

23 Gusti Yesus banjur lumebet ing Padaleman
Suci. Nalika Panjenengane lagi paring piwulang
ana ing kono, ana pangarepng imam lan
pinituwaning bangsa Yahudi kang padha sowan
ing ngarsane lan matur pitakon: “Panjenengan
tumindak makaten punika kanthi panguwaos
ingkang pundi? Saha sinten ingkang maringi
panguwaos punika dhateng Panjenengan?”
24 Paring wangsulane Gusti Yesus: “Aku
iya arep takon marang kowe lan yen kowe
wis mangsuli Aku, Aku iya bakal kandha
marang kowe, Aku tumindak mangkono iku
kanthi panguwasa sing endi. 25 Pambaptise
Nabi Yokanan iku saka ing swarga apa saka
manungsa?” Wong-wong mau banjur padha
rembugan bab iku, mangkene pamikire:
“Yen aku padha kandha: saka ing swarga.
Dheweke bakal mangsuli: yen mangkono
yagene kowe ora pracaya? 26 Nanging manawa
aku kandha: Saka manungsa, aku padha
wedi karo wong akeh, awit iku kabeh padha
nganggep nabi marang Yokanan.” 27 Wasana

atur wangsulane marang Gusti Yesus: "Kula sami boten sumerep." Gusti Yesus ngandika marang wong-wong mau: "Yen mangkono Aku iya ora kandha marang kowe panggaweKu kang mangkono iku kanthi panguwasa sing endi."

Pasemon bab anak loro

21:28-32

28 "Nanging kapriye panemumu bab iki: Ana wong duwe anak lanang loro. Kang pambarep diparani sarta dikandhani: Ngger, dina iki kowe nyambuta gawe ana ing kebon anggur.
29 Anake mangsuli: Inggih, pak. Nanging ora mangkat.
30 Wong mau banjur marani anake lanang kang angka loro sarta dikandhani mangkono uga, nanging anake mangsuli: Kula boten purun. Sawise iku dheweke kaduwung, nuli mangkat.
31 Anak loro mau endi sing nindakake karepe bapakne?" Atur wangsulane wong-wong mau: "Ingkang kantun." Pangandikane Gusti Yesus: "Satemene pituturKu marang kowe: para juru-mupu-beya lan para wanita tuna-susila bakal ndhisiki kowe lumebu ing Kratoning Allah.
32 Sabab Yokanan anggone teka iku prelu nuduhake dalaning kayekten marang kowe, ewadene kowe ora pracaya marang dheweke. Nanging para juru-mupu-beya lan para wanita tuna-susila padha pracaya marang dheweke. Nanging kowe kabeh sanadyan

weruh, ora banjur kaduwung lan uga ora
pracaya marang dheweke.”

Pasemon bab wong nyewa pakebonan anggur kang duraka

21:33-46

Mk 12:1-12; Lk 20:9-19

33 “Padha ngrungokna pasemon liyane. Ana
sawijining wong kang gawe pakebonan anggur,
dipageri mubeng, sarta digawekakake jogangan
papan pameresan apamaneh panggung
pajagan. Pakebonan mau banjur disewakake
marang wong, tumuli mangkat lelungan
menyang ing nagara liya. 34 Bareng wis meh
wancine ngundhuh, kang duwe kongkonan
rewang-rewange menyang enggone wong
kang nyewa, njaluk pametuning pakebonane.
35 Nanging rewang-rewang mau padha dicekel
dening kang padha nyewa. Sing siji digebugi,
sijine dipateni, lan sing siji maneh dibenturi
watu. 36 Sawise iku kang duwe pakebonan
banjur kongkonan maneh rewang-rewang
liyane, luwih akeh katimbang sing dhisik,
nanging iya nemahi lelakon kang kaya
sing dhisik. 37 Wasana banjur kongkonan
anake, pamikire: Mesthine bakal padha
ering marang anakku. 38 Nanging bareng
wong-wong kang nyewa weruh anake mau,
banjur padha rasanan mangkene: Iku ahli
warise, ayo dipateni bae, supaya warisane
dadi duwekku kabeh. 39 Anake mau banjur
dicekel lan diuncalake menyang sajabaning

kebon anggur, sarta dipateni. 40 Mulane
samangsa sing duwe pakebonan anggur
mau wis teka, wong kang padha nyewa mau
bakal dikapakake?” 41 Unjuke kang padha
didangu: “Tiyang-tiyang duraka wau tamtu
dipun sirnakaken, dene kebon anggur badhe
dipun sewakaken dhateng tiyang sanes,
ingkang badhe ngladosaken pamedalipun ing
mangsanipun.” 42 Pangandikane Gusti Yesus:
“Apa kowe durung tau maca ing Kitab Suci
mangkene:

Watu kang ditampik dening tukang-tukang
gawe omah,
iku wis dadi watu kang baku ana ing pojok.
Kadadean iki saka ing Pangeran,
sarta elok ana ing pandeleng kita.

43 Mulane Aku pitutur marang kowe, yen
Kratoning Allah bakal kapundhut saka ing
kowe lan bakal diparingake marang sawijining
bangsa kang bakal metokake wohe.
44 [Lan sing sapa tiba ing watu iku, bakal ajur
mumur lan sing sapa katibanan bakal remuk.]”
45 Bareng para pangarep ing imam lan
wong-wong Farisi krungu pasemon-pasemon
mau, padha rumangsa, yen dheweke kabeh
kang disemoni. 46 Banjur padha mbudi-daya
bisane nyekel Panjenengane, nanging padha
wedi karo wong akeh, amarga iku padha
nganggep nabi marang Panjenengane.

Pasemon bab pahargyan manton ing kraton

22:1-14

Lk 14:15-24

22 1 Gusti Yesus tumuli paring pasemon
maneh marang wong-wong mau,
pangandikane: 2 “Kratoning Swarga iku
upamane kaya ratu, kang mahargya
pikramane ingkang putra. 3 Banjur utusan
para abdi nimbali para wong kang kauleman,
nanging padha ora gelem sowan. 4 Nuli utusan
para abdine liyane, dhawuhe: Sing padha
diulemi kandhanana mangkene: Ingsun wis
nyawisake bujananingsun, sapiningsun lan
kewaningsun lemon wis padha kasembelehan,
sarta samubarang wis cumepak. padha tekaa
ing pahargyan. 5 Ewadene para kang kauleman
padha ora maelu. Ana kang padha menyang
ing pategalane, ana kang lunga ngurus
padagangane, 6 dene liyane padha nyekel
para abdi mau, dikaniaya sarta dipateni.
7 Mulane Sang Nata duka lan banjur utusan
wadyabalane kadhawuhan numpes wong-wong
dursila mau lan ngobongi kuthane. 8 Sawise
iku nuli ngandika marang para abdine: Bujana
manton wis cumawis, nanging wong-wong
sing diulemi padha ora pantes. 9 Mulane padha
menyanga ing dalan-dalan prapatan, saben
wong kang kokprangguli ing kono padha
ulemana menyang ing pahargyan manton
iki. 10 Abdi-abdi mau tumuli padha mangkat

lan mglumpukake kabeh wong kang ana ing
dalan-dalan, wong ala lan wong becik, nganti
ngebaki papan pahargyan manton. 11 Nalika
Sang Nata lumebet karsa manggihi tamu-tamu
iku, panjenengane mirsa wong siji, sing ora
nganggo sandhangan pesta. 12 Panjenengane
banjur ngandika marang wong mau: He,
sadulur, kapriye dene sira lumebu ing kene
ora nganggo sandhangan pesta? Wong mau
meneng bae. 13 Sang Nata banjur ngandika
marang para abdine: Tlikungen tangane lan
sikile, nuli uncalna menyang ing panggonan
kang peteng dhewe, ing kono kang bakal
tinemu panangis lan keroting untu.

14 Sabab akeh kang tinimbalan, nanging
mung sathithik kang pinilih."

Bab ngaturake pajeg marang Sang Nata

22:15-22

Mk 12:13-17; Lk 20:20-26

15 Sawise mangkono wong-wong Farisi
banjur lunga, padha rerembugan bab kapriye
anggone bisa nyengkolong Gusti Yesus sarana
pitakonan. 16 Nuli kongkonan murid-muride
bebarengan karo wong-wong Herodhian,
matur pitakon: "Guru, kula sami sumerep,
bilih Panjenengan punika jujur saha mulang
bab margining Allah kanthi jujur, punapa dene
Panjenengan boten mraduli dhateng sinten
kemawon, amargi Panjenengan boten mawang
tiyang. 17 Awit saking punika mugi karsaa
paring katrangan: Mbayar paos dhateng Sang

Nata Agung punika kenging punapa boten?”
18 Nanging Gusti Yesus mirsa bab kaculikaning atine wong-wong mau, mulane banjur ngandika: “He, wong lamis, yagene kowe padha nyoba marang Aku?
19 Aku tuduhana dhuwit kanggo pajeg iku!” Banjur dicaosi dhuwit dinar siji.
20 Panjenengane nuli ndangu: “Iki gambare lan tulisane sapa?”
21 Atur wangsulane: “Gambar saha seratanipun Sang Nata Agung.” Gusti Yesus banjur ngadika: “Mulane Sang Nata Agung caosana apa kang wajib kacaosake marang Sang Nata Agung lan aturna marang Allah kang wajib kaaturake marang Allah.”
22 Bareng wong-wong mau krungu pangandika mangkono iku padha kaeraman, tumuli Gusti Yesus ditinggal lunga.

Pitakone wong Saduki bab tangine wong mati

22:23-33

Mk 12:18-27; Lk 20:27-40

23 Ing dina iku ana wong Saduki sawatara kang padha sowan ing ngarsane Gusti Yesus. Wong-wong iku padha ora pracaya marang patangen. Banjur padha munjuk:
24 “Guru, Nabi Musa ngandika, manawi wonten tiyang pejah boten tilar anak, punika sadherekipun kedah mendhet semah ingkang estri, sageda suka turun dhateng sadherekipun wau.
25 Kalampahan panunggilan kula wonten sadherek jaler pitu. Ingkang kapisan emah-emah, namung kemawon lajeng pejah.

Sarehning boten nilar anak, dados ingkang
estri katilaraken dhateng sadherekipun.
26 Makaten ugi ingkang kaping kalih saha
ingkang kaping tiga, ngantos dumugi ingkang
kaping pitu pisan. 27 Wasana sapengkeripun
sadaya punika wau tiyang estri punika lajeng
pejah. 28 Ingkang punika benjing dinten
patangen, tiyang pitu wau ingkang pundi
ingkang dados semahipun tiyang estri punika,
sadaya rak sampun nate gesang sesarengan
kaliyan piyambakipun?” 29 Gusti Yesus
mangsuli, pangandikane: “Kowe iku padha
kesasar, jalaran kowe padha ora sumurup bab
Kitab Suci lan panguwasaning Allah. 30 Awit
besuk ing jaman patangen ora ana wong kang
omah-omah utawa diomah-omahake, nanging
uripe kaya malaekat ing swarga. 31 Apa kowe
padha ora maca pangandikaning Allah marang
kowe bab patangen, kang ijoane mangkene:
32 Ingsun iki Allahe Abraham, Allahe Iskak
lan Allahe Yakub? Allah iku dudu Allahe wong
mati, nanging Allahe wong urip.” 33 Wong akeh
kang padha ngrungokake, padha kaeraman
ing bab piwulange.

Bab angger-angger kang gedhe

22:34-40

Mk 12:28-34; Lk 10:25-28

34 Para wong Farisi bareng krungu, yen
Gusti Yesus wis mbungkem cangkeme para
wong Saduki, banjur padha nglumpuk.
35 Ana siji panunggalane wong-wong mau,

yaiku ahli Toret, sing arep nyoba marang
Panjenengane, matur pitakon: 36 “Guru,
angger-angger ing salebeting Toret punika
ingkang ageng piyambak ingkang pundi?”
37 Paring wangsulane Gusti Yesus: “Sira
tresnaa marang Pangeran Allahira kalawan
gumolonging atinira, lan gumolonging
nyawanira, sarta gumolonging budinira.
38 Yaiku angger-angger kang gedhe lan luhur
dhewe. 39 Dene angger-angger kang kapindho
kang padha karo iku, yaiku: Sira tresnaa ing
sapepadhanira dikaya marang awakira dhewe.
40 Kabeh isining Toret lan kitabe para nabi iku
gumantung karo angger-angger loro mau.”

Sang Kristus iku Gusti lan tedhake Sang Prabu Dawud

22:41-46

Mk 12:35-37; Lk 20:41-44

41 Nalika para wong Farisi lagi padha
nglumpuk, Gusti Yesus ndangu marang
wong-wong mau, pangandikane: 42 “Kapriye
panemumu ing bab Sang Kristus?
Iku tedhake sapa?” Wangsulane kang
kadangu: “Tedhakipun Sang Prabu Dawud.”
43 Pangandikane Gusti Yesus: “Yen mangkono,
kapriye dene Sang Prabu Dawud marga saka
katuntun dening Roh kok nyebut Gustine,
yaiku nalika ngandika:
44 Pangeran wis dhawuh marang Gustiku:
Sira linggiha ana ing tengeningSun,
nganti sakabehing mungsuhira wis

Sunselehake ing sangisoring tlapakanira.
45 Dadi yen Sang Prabu Dawud nyebut
Panjenengane Gustine, kapriye dene kok dadi
tedhake?” 46 Ora ana siji bae kang bisa ngaturi
wangsulan, sarta wiwit nalika iku ora ana
wong siji bae kang wani ngaturake pitakonan
marang Panjenengane.

Pangandikane Gusti Yesus bab tumindake para ahli Toret lan wong Farisi

23:1-12

Mk 12:38-40; Lk 11:37-54, 20:45-47

23 1 Gusti Yesus banjur ngadika marang
wong akeh lan marang para sakabate:
2 “Para ahli Toret lan para wong Farisi iku
padha nglinggihi palenggahane Nabi Musa.
3 Mulane padha nglakonana lan nuruta
marang sakabehing piwulange, nanging
aja niru marang tindak-tanduke, amarga
iku padha aweh piwulang, nanging ora
padha nglakoni dhewe. 4 Padha mbongkoki
gegawan kang abot-abot banjur ditumpangake
ing pundhaking wong, nanging dheweke
dhewe ndumuk bae ora gelem. 5 Sakabehing
tindak-tanduke iku mung supaya bisaa katon
ing wong; nganggo tali sembahyang amba,
nganggo gombyok dawa-dawa. 6 Padha
linggih ing papan kang kajen dhewe ana ing
pahargyan lan ing ngarep dhewe ana ing
papan pangibadah. 7 Padha seneng diurmati
ana ing pasar-pasar lan seneng disebut guru.
8 Nanging kowe aja gelem disebut guru,

amarga mung siji Gurumu lan kowe kabeh
padha-padha sadulur. 9 Apamaneh kowe aja
nyebut rama marang sapa bae ana ing bumi
iki, awit mung siji Ramamu, yaiku kang
ana ing swarga. 10 Kowe aja gelem disebut
panutan, amarga mung siji Panutanmu, yaiku
Sang Kristus. 11 Sing sapa dadi gedhe ana
ing satengahmu iku dadia paladenmu. 12 Lan
sing sapa ngluhurake awake dhewe, bakal
kaasorake, dene kang ngasorake awake dhewe
bakal kaluhurake."

Gusti ndukani para ahli Toret lan wong Farisi

23:13-33

13 "Bilai kowe, heh, para ahli Toret lan para
wong Farisi, heh, wong lamis, awit kowe
ngancingi lawange Kratoning Swarga ana ing
ngarepe wong, sabab kowe dhewe ora mlebu
lan wong kang arep lumebu kokalang-alangi.
14 [Bilai kowe, heh, para ahli Toret lan
para wong Farisi, heh wong lamis, amarga
kowe padha nguntal omahe randha-randha
nganti entek, nganggo pawadan ndedonga
dawa-dawa, mulane kowe mesthi bakal tampa
paukuman kang luwih abot.]
15 Bilai kowe, heh para ahli Toret lan para
wong Farisi, heh, wong lamis, sabab kowe
padha nyabrangi sagara lan ndlajahi dharatan,
supaya oleh wong sing ngenut agamamu
sanadyan munga siji bae, nanging yen wis

mratobat, kokdadekake wong naraka, kang
tikel pindho alane tinimbang kowe dhewe.
16 Bilai kowe, heh panuntun-panuntun
picak, kang ngucap: Supata demi Padaleman
Suci, iku ora absah; nanging kang sumpah
demi emase Padelamenan Suci, sumpahe
iku nancang. 17 Heh, kowe wong-wong
bodho lan picak, endi sing luwih wigati,
emas apa Padaleman Suci sing nucekake
emase? 18 Apamaneh sing sapa sumpah demi
misbyah, iku ora absah, nanging sumpah demi
pisungsung kang ana ing misbyah iku kang
nancang. 19 Heh, wong-wong picak, endi sing
luwih wigati, pisungsunge apa misbyah kang
nucekake pisungsung? 20 Mulane sing sapa
sumpah demi misbyah, iku sumpahe demi
misbyah lan uga demi barang-barang kang
tumumpang ing kono. 21 Lan sing sapa sumpah
demi Padaleman Suci, iku iya sumpah demi
Padeleman Suci lan uga demi Kang adedalem
ing kono. 22 Apadene sing sapa sumpah demi
swarga, iku iya sumpah demi dhamparing
Allah lan iya demi Kang lenggah ing kono.
23 Bilai kowe, heh para ahli Toret lan para
wong Farisi, heh wong-wong lamis jalaran
dalah godhong mardinah, adas tuwin jinten
bae kokbayar prasapuluhane, nanging kang
wigati dhewe tumrap angger-anggering Toret
koklirwakake, yaiku: kaadilan, kawelasan lan
katemenan. Sing siji kudu ditindakake, sijine
aja dilirwakake. 24 Heh, kowe, panuntun-
panuntun kang picak, lemud kokjupuk saka
ing omben-ombenmu, nanging unta kokuntal.

[25] Bilai kowe, heh para ahli Toret lan
wong-wong Farisi, heh kowe wong-wong
lamis, sabab tuwung lan pinggan padha
kokresiki jabane, mangka ing jerone kebak isi
rampasan lan kamurkan. [26] Heh, wong Farisi
kang picak, resikana dhisik jerone tuwung iku,
jabane iya bakal dadi resik.
[27] Bilai kowe, heh para ahli Toret lan
wong-wong Farisi, heh, wong-wong lamis,
sabab kowe iku padha kaya kuburan, sing
dilabur putih; jabane pancen katon resik,
nanging ing jerone kebak isi balung jrangkong
lan rereged warna-warna. [28] Samono uga
kowe, lairmu katon mursid ana ngareping
wong, nanging ing batinmu kebak isi lelamis
lan duraka.
[29] Bilai kowe, heh, para ahli Toret lan
wong-wong Farisi, heh, kowe; wong-wong
lamis, jalaran kowe, mbangun pasareaning
para nabi lan ngrerengga tugu-tuguning
wong-wong mursid, [30] lan calathu: Saupama
aku padha menangi jamane para leluhurku
kabeh, mesthi aku ora padha melu anggone
padha nyedani para nabi. [31] Marga saka
mangkono dadine kowe padha dadi seksi
tumrap awakmu dhewe, yen kowe kabeh
iku padha turune wong-wong kang nyedani
para nabi. [32] Dadi kowe iya padha ngebakana
takerane leluhurmu! [33] Heh, ula, heh para
tetesaning ula bedhudhak, kapriye anggonmu
bisa oncat saka paukumaning naraka?”

Pameca bakal rusake Yerusalem

23:34-35

Lk 13:34-35

34 “Mulane delengen, Aku ngutus nabi-nabi,
para wong wicaksana lan para ahli Toret
nekani kowe sarta ana kang banjur kokpateni
lan koksalib, ana maneh kang bakal padha
koksapu ana ing papan-papan pangibadahmu,
lan kokoyak-oyak saka ing kutha kang siji
menyang ing kutha sijine,
35 supaya kowe
padha katempuhna wutahing getihe wong
kang ora salah wiwit saka Abil wong kang
mursid iku, nganti tekan Zakharia anake
Berekhya, kang kokpateni ana ing antarane
papan suci lan misbyah.
36 Satemene Aku
pitutur marang kowe: Kabeh iku bakal
katempuhake marang jinis iki.

37 Yerusalem, Yerusalem kang mateni para
nabi lan mbenturi watu marang wong-wong
kang kautus nemoni kowe, wis nganti ping
pira anggonKu kapengin nglumpukake anak-
anakmu, kaya babon anggone nglumpukake
kuthuk-kuthuke ing sangisoring suwiwine,
nanging kowe padha ora gelem.
38 Titenana,
omahmu iki bakal ditinggal suwung.
39 Lan Aku
kandha marang kowe: Wiwit saiki kowe ora
bakal padha ndeleng Aku maneh, nganti kowe
padha kandha: Binerkahana Ingkang rawuh
atas asmanipun Pangeran.”

Pameca bab bakal rusake Padaleman Suci

24:1-2

Mk 13:1-2; Lk 21:5-6

24 [1] Sawise iku Gusti Yesus banjur miyos saka ing Padaleman Suci lan tindak saka ing kono. Para sakabate tumuli padha nyelaki Panjenengane, diaturi mirsani yeyasan-yeyasaning Padaleman Suci. [2] Banjur padha dipangandikani: "Apa kowe padha ndeleng iku kabeh? Satemene Aku pitutur marang kowe, bakale ing kene ora ana watu siji bae kang lestari tumumpang ing watu liyane, kabeh bakal dijugrugi."

PAMECA BAB WEKASANING JAMAN

24:3--25:46

Wiwitaning sangsara

24:3-14

Mk 13:3-13; Lk 21:7-19

[3] Bareng Gusti Yesus lenggah ing gunung Zaitun, para sakabat padha ngadhep ing ngarsane piyambakan lan matur: "Guru, mugi karsaa paring sumerep dhateng kawula sadaya, benjing punapa badhe kalampahanipun punika, sarta punapa tandha-tandhanipun rawuh Paduka saha dinten wekasan?"
[4] Paring wangsulane Gusti: "Padha diawas, aja nganti kowe disasarake ing

wong! 5 Amarga akeh wong kang bakal teka
nganggo jenengKu lan calathu: Aku iki Sang
Kristua, sarta bakal nasarake wong akeh.
6 Kowe bakal krungu swaraning perang utawa
kabar-kabar bab perang. Nanging diawas, aja
padha kaget, sabab iki kudu kalakon, ewadene
iku durung wekasane. 7 Sabab bangsa bakal
nglawan bangsa, krajan nglawan krajan.
Bakal ana pailan lan lindhu ing pirang-pirang
panggonan. 8 Nanging iku kabeh mung lagi
wiwitaning sangsara ngarepake jaman anyar.
9 Ing nalika iku kowe bakal dipasrahake
supaya disiksa lan kowe bakal dipateni
sarta bakal disengiti dening sakabehing
bangsa marga saka jenengKu. 10 Ing kono
bakal akeh wong kang murtad sarta padha
ulung-ingulungake lan sengit-sinengitan.
11 Lan maneh bakal akeh nabi palsu kang
muncul lan nasarake wong pirang-pirang.
12 Apamaneh marga saka saya wuwuhe
duraka, temahan wong kang akeh-akeh padha
suda katresnane. 13 Nanging sing sapa mantep
tekan ing wekasan, iku bakal rahayu. 14 Sarta
Injiling Kraton iki bakal kawartakake ing
saindenging jagad minangka paseksi marang
sakabehing bangsa. Sawise iku lagi dina
wekasan.”

Pameca bab sangsara gedhe

24:15-28

Mk 13:14-23; Lk 21:20-24

[15] “Anadene manawa kowe padha weruh
pangrusak kang ambeksiya ngadeg ana
ing papan suci, miturut pangandikane kang
kadhawuhake lumantar Nabi Dhaniel --
sing sapa maca migatekna -- [16] wong-wong
ing Yudea padha ngungsia menyang ing
pagunungan. [17] Wong kang lagi ana ing payon
aja mudhun njupuk barang-barang saka ing
omahe. [18] lan wong sing lagi ana ing pategalan
aja mulih njupuk sandhangane. [19] Mesakake
banget wong kang lagi ngandheg lan kang
lagi nusoni ing wektu iku. [20] Nyenyuwuna,
supaya anggonmu padha ngungsi aja pinuju
mangsa padhidhing lan aja mbeneri dina
Sabat. [21] Amarga ing wektu iku bakal kalakone
panganiaya kang nggegirisi, kang durung tau
kalakon wiwit ing wiwitaning jagad nganti
saprene lan kang bakal ora kalakon maneh.
[22] Saupama wektune ora dicendhakake,
sakabehing kang urip iki ora ana kang slamet,
nanging marga saka anane wong-wong kang
pinilih, wektu iku bakal dicendhakake.
[23] Ing wektu iku, manawa ana wong kang
kandha marang kowe: Delengen Kristus ana
ing kene, utawa Kristus ana ing kana, aja
padha ngandel. [24] Sabab kristus-kristus palsu
lan nabi-nabi palsu bakal muncul sarta padha
nganakake tandha-tandha kang nggegirisi lan

mukjijat-mukjijat; saupama bisaa mangkono,
iku padha arep nasarake para wong pilihan
uga. 25 Eling-elingen, Aku wis ngandhani
kowe bab iku mau sadurunge kalakon.
26 Mulane yen ana wong kandha marang
kowe: Panjenengane ana ing ara-ara samun,
kowe aja mrana. Utawa: Panjenengane ana
ing kamar, aja ngandel. 27 Sabab kayadene
cumlereting kilat saka ing wetan sumunar
tumeka ing kulon, iya mangkono iku besuk
bakal rawuhe Putraning Manungsa. 28 Ing
ngendi ana bathang, ing kono panggonane
manuk garudha padha gegrombolan."

Rawuhe Putraning Manungsa

24:29-36

Mk 13:24-32; Lk 21:25-33

29 "Sawise sangsara ing mangsa iku kalakon,
padha sanalika srengenge bakal dadi peteng,
rembulan ora sumunar lan lintang-lintang
padha tiba saka ing langit sarta pikukuhing
langit bakal padha gonjang-ganjing. 30 Ing
nalika iku bakal katon tandhane Putraning
Manungsa ana ing langit lan sakabehing
bangsa ing salumahing bumi bakal padha
ngadhuh-adhuh, banjur padha ndeleng
Putraning Manungsa rawuh nitih meganing
langit, kalawan ngasta panguwasa lan
kamulyan gedhe. 31 Panjenengane tumuli
bakal ngutus para malaekate kanthi swaraning
kalasangka kang banter banget, iku bakal
padha ngumpulake wong-wong pilihane saka

ing keblat papat, saka tepining langit tekan
ing sisihe.
32 Padha nampanana piwulang saka wit
anjir kang mangkene: Manawa pangpange
memes lan wiwit semi, kowe padha ngreti,
yen wis meh mangsa panas. 33 Samono uga,
manawa kowe padha weruh lelakon iku mau
kabeh, padha sumurupa, yen wis cedhak,
wis ana ing ngarep lawang. 34 Satemene Aku
pitutur marang kowe, jinis iki ora bakal sirna,
sadurunge iku mau kabeh kalakon. 35 Langit
lan bumi bakal sirna, nanging tembungKu
ora bakal sirna pisan-pisan. 36 Mung bae,
mungguh dina lan wayahe iku, ora ana wong
siji-sijia kang sumurup, para malaekat ing
swarga ora, Sang Putra iya ora, kajaba mung
Sang Rama piyambak.”

Bab jumaga

24:37-44

Lk 17:26-30, 34-36

37 Sabab kayadene nalika jamane Nabi
Nuh, iya mangkono besuk bakal rawuhe
Putraning Manungsa. 38 Marga padha kaya
dhek jaman sadurunge banjir patopan,
wong-wong padha mangan lan ngombe,
omah-omah lan ngomah-omahake, nganti
dina anggone Nabi Nuh lumebet ing prau,
39 lan padha ora nglegewa nganti tekane
banjir kang nyirnakake wong-wong mau
kabeh, mangkono uga besuk ing dina rawuhe
Putraning Manungsa. 40 Ing wektu iku manawa

ana wong loro ana ing pategalan, kang
siji bakal kapulung, sijine bakal katinggal.
41 Manawa ana wong wadon loro kang padha
siji bakal kapulung sijine katinggal. 42 Mulane
padha rumantia, amarga kowe ora ngreti dina
rawuhe Gustimu.
43 Nanging iki kawruhana: Saupama kang
duwe omah iku ngreti wayahe tekane maling
ing wayah bengi, mesthi banjur jaga-jaga, ora
bakal aweh omahe dibabah. 44 Awit saka iku,
kowe uga padha rumantia. amarga rawuhe
Putraning Manungsa iku ing wayah kang ora
koknyana."

Pasemon bab abdi kang setya lan abdi kang ala

24:45-51

Lk 12:41-48

45 "Sapa ta abdi kang setya lan pinter, kang
tinanggenah dening bandarane nglurahi para
kalerehane, kapasrahan nyadhongi pangan
marang wong-wong mau ing wektu kang
katamtokake? 46 Rahayu abdi kang ketemu lagi
nindakake kawajibane mau, nalika bandarane
rawuh. 47 Satemene Aku pitutur marang kowe,
abdi mau bakal dipasrahi rumeksa barang
kagungane kabeh. 48 Nanging manawa abdi
iku ala lan duwe gagasan ing sajroning atine
mangkene: 49 Bandaraku ora rawuh-rawuh,
banjur wiwit nggitiki abdi-abdi liyane, lan
mangan ngombe bebarengan karo wong-wong
kang seneng mendem, 50 bandarane mau nuli

rawuh ing dina kang ora dinyana-nyana lan ing
wayah kang ora disumurupi, 51 abdi mau bakal
dipateni sarta dipadhakake karo para wong
lamis. Ing kono kang bakal tinemu tangis lan
keroting untu.”

Pasemon bab prawan sapuluh

25:1-13

25 1 “Ing wektu iku Kratoning Swarga bakal
kaupamakake kaya prawan sapuluh,
kang mangkat methuk panganten lanang
kanthi nggawa diyan. 2 Sing lima bodho, sing
lima pinter. 3 Prawan-prawan sing bodho mau
nggawa diyane ora nganggo nggawa lenga
serepan, 4 dene prawan-prawan sing pinter,
kajaba nggawa diyane, isih nggawa wadhah isi
lenga. 5 Nanging sarehne pangantene nganti
suwe ora teka-teka, prawan-prawan mau
padha nganthuk lan banjur turu. 6 Bareng
wayah tengah wengi keprungu swara wong
alok-alok: Mantene teka! Padha pethuken!
7 Prawan-prawan mau padha tangi lan nata
diyan-diyane. 8 Prawan-prawan sing bodho
nembung marang prawan-prawan sing pinter:
Bok aku wenehana lengamu sathithik bae,
diyanku wis arep mati. 9 Nanging wangsulane
prawan-prawan kang pinter: Aja, mengko
ora sedheng kanggo aku lan kanggo kowe.
Angur menyanga enggone sing dodol, tukua
dhewe. 10 Nanging nalika lagi padha lunga tuku
lenga, mantene teka, prawan-prawan sing wis
miranti padha melu manten lumebu menyang

ing pahargyan, lawange banjur dikancing.
11 Sawise mangkono prawan-prawan liyane
iya teka lan matur: Bandara, bandara,
kawula nyuwun kori! 12 Nanging wangsulane
panganten lanang: Satemene pituturku
marang kowe: Aku ora wanuh karo kowe.
13 Mulane padha meleka, awit kowe padha ora
weruh dinane lan wayahe."

Pasemon bab dhuwit talenta

25:14-30

Lk 19:12-27

14 "Awit bab iku kayadene wong kang arep
lelungan banjur ngundangi batur-bature,
padha dipasrahi barang darbeke, 15 kang siji
diwenehi limang talenta, sijine rong talenta,
lan sijine maneh satalenta, undha-usuk,
tumuli mangkat. 16 Kang tampa limang talenta
banjur lunga, dhuwite dilakokake, temah oleh
bathi limang talenta. 17 Batur kang tampa
rong talenta iya nindakake kang mangkono
lan oleh bathi rong talenta. 18 Nanging batur
kang tampa satalenta iku lunga ndhudhuk
lemah gawe luwangan, dhuwite bandarane
dipendhem. 19 Sawise antara lawas bandarane
batur-batur mau mulih, banjur etung-etungan.
20 Kang tampa limang talenta ngaturake
bebathen limang talenta, ature: Bandara,
kula panjenengan cepengi gangsal talenta;
lah punika kula angsal bathi inggih gangsal
talenta. 21 Wangsulane bandarane: Becik
banget pagaweanmu iku, heh, batur kang

becik lan tumemen; kowe wis ngatonake
tumemenmu tumrap prakara sapele, kowe
bakal dakpasrahi nindhakake prakara gedhe;
mara, lumebua lan melua ngrasakake
kamuktening bandaramu. 22 Kang tampa
rong talenta banjur matur: Bandara, kula
panjenengan pasrahi kalih talenta; lah kula
angsal bathi kalih talenta. 23 Wangsulane
bandarane: Becik banget pagaweanmu
iku, heh, batur kang becik lan tumemen;
kowe wis ngatonake tumemenmu tumrap
prakara sapele, kowe bakal dakpasrahi
nindakake prakara gedhe; mara, lumebua lan
melua ngrasakake kamuktening bandaramu.
24 Wasana kang tampa satalenta uga teka
lan matur: Bandara, kula sampun sumerep,
bilih panjenengan punika tiyang ingkang
dakwenang, dene ngeneni ingkang sanes
sebaran panjenengan, saha mendheti ingkang
sanes taneman panjenengan. 25 Milanipun kula
ajrih, kula lajeng kesah, arta panjenengan
satalenta kula pendhem ing siti. Mangga,
kula aturi nampeni kagungan panjenengan!
26 Bandarane banjur mangsuli: Heh, batur
kang ala lan kesed, kowe wis ngreti, yen aku
ngeneni kang dudu sebaranku lan njupuk kang
dudu tanduranku. 27 Mulane benere dhuwitku
koktitipake marang wong kang nglakokake
dhuwit, supaya saulihku bisa tampa dhuwit iku
saanakane. 28 Mulane padha jupuken dhuwit
satalenta iku, banjur wenehna kang duwe
sapuluh talenta iku. 29 Sabab sing sapa duwe,
bakal kaparingan, nganti luber. Nanging sing

sapa ora duwe, bakal kapundhutan sabarang
darbeke kabeh. 30 Anadene batur kang tanpa
guna iku uncalna menyang ing pepeteng kang
banget petenge. Ing kono kang ana mung
tangis lan keroting untu.”

Bab pangadilan kang wekasan

25:31-46

31 “Besuk manawa Putraning Manungsa rawuh
ngagem kamulyane lan sakabehing padha
ndherekake, Panjenengane banjur lenggah
ing dhampar kamulyan. 32 Sakehing bangsa
nuli bakal kaklumpukake ana ing ngarsane lan
bakal kapisah-pisah siji lan sijine, kayadene
pangon anggone ndhewek-ndhewekake
wedhus gembel karo wedhus jawa, 33 kang
gembel dipapanake ana ing tengene, dene
wedhus jawa ana ing kiwane. 34 Tumuli
Sang Nata bakal ngandika marang kang ana
tengene: Heh, para kang binerkahan dening
RamaningSun, mara, padha tampanana
warisan Kraton, kang wis kacawisake marang
sira wiwit dumadining jagad. 35 Awitdene nalika
Ingsun kerapan, sira caosi dhahar; nalika
Ingsun kasatan, sira caosi ngunjuk; nalika
Ingsun lelana, sira caosi palereban; 36 nalika
Ingsun kelukaran, sira caosi pangageman,
nalika Ingsun gerah, sira tiliki; nalika Ingsun
kinunjara, sira sowani. 37 Ing kono wong-wong
kang mursid iku bakal padha munjuk:
Gusti, kala punapa kawula sumerep Paduka
kerapan lajeng kawula caosi dhahar, saha

kasatan kawula caosi ngunjuk? [38] Kala punapa
kawula sumerep Paduka lelana lajeng kawula
caosi palereban, saha kelukaran kawula
caosi pangageman? [39] Kala punapa kawula
sumerep Paduka gerah utawi kinunjara, lajeng
kawula sowani? [40] Sang Nata bakal paring
wangsulan: Satemene pituturingSun marang
sira: Samubarang kabeh kang sira tindakake
kanggo salah sawijining saduluringSun kang
asor dhewe iki, iku iya sira tindakake kagem
Ingsun. [41] Sarta Sang Nata bakal ngandika
marang kang ana sisih kiwane: Sumingkira
saka ing ngarsaningSun, heh, wong kang
padha kena ing laknat, sumingkira menyang
ing geni langgeng, kang wis kacawisake
kanggo Iblis lan para malaekate. [42] Sabab
nalika Ingsun kerapan, sira ora nyaosi
dhahar; nalika Ingsun kasatan, sira ora nyaosi
ngunjuk; [43] nalika Ingsun lelana, sira ora
nyaosi palereban; nalika Ingsun gerah, lan
ana ing pakunjaran, sira ora sowan. [44] Ing
kono wong-wong mau bakal padha munjuk:
Dhuh, Gusti, kala punapa kawula sumerep
Paduka kerapan, utawi kasatan, utawi pinuju
lelana, punapa kelukaran utawi gerah,
punapa wonten ing pakunjaran saha boten
kawula ladosi? [45] Sang Nata banjur bakal
paring wangsulan: Satemene pituturingSun
marang sira, samubarang kabeh kang ora
sira tindakake kanggo salah sawijining wong
kang asor dhewe iki, iku iya ora sira tindakake
kagem Ingsun. [46] Wasana wong-wong iku
bakal lumebu ing siksa langgeng, dene

wong kang mursid iku bakal lumebu ing urip
langgeng."

Gusti paring sumurup kaping pate bab anggone bakal nandhang sangsara. Pangrantam arep nyedani Gusti

26:1-5

Mk 14:1-2; Lk 22:1-2; Yo 11:45-53

26 [1] Sawise Gusti Yesus mungkasi
piwulange mau, banjur ngandika
marang para sakabate: [2] "Kowe padha
sumurup, yen kurang rong dina wis riyaya
Paskah, dene Putraning Manungsa bakal
kaulungake supaya kasalib."

[3] Ing nalika samana para pangareping imam
lan para pinituwaning bangsa Yahudi padha
nglumpuk ana ing daleming Imam Agung kang
asma Kayafas [4] apirembugan bab anggone
arep nyepeng Gusti Yesus kanthi paekan lan
nyedani Panjenengane. [5] Nanging rembuge:
"Aja pinuju ing riyaya, supaya aja ndadekake
gegere wong akeh."

Gusti Yesus kajebadan

26:6-13

Mk 14:3-9; Yo 12:1-8

[6] Nalika Gusti Yesus ana ing Betania, ana
ing omahe Simon Budhug, [7] ana wong wadon
kang marak ing ngarsane, nggawa goci isi
lenga jebad kang larang regane, banjur
diesokake ing mustakane Gusti Yesus, nalika

lagi lenggah dhahar. 8 Para sakabate weruh
kang mangkono iku, padha muring-muring,
pangucape: “Yagene kok ngeceh-eceh
mangkono? 9 Sabab lenga iku kena didol bisa
payu larang, lan dhuwite kena didanakake
marang wong-wong miskin.” 10 Nanging Gusti
Yesus mirsa gagasane para sakabate, banjur
ngandika: “Yagene kowe padha ngregoni wong
wadon iki? Kang ditandukakake marang Aku
iki panggawe becik. 11 Wong-wong miskin
iku salawase ana ing kowe, nanging Aku
bakal ora salawase woworan karo kowe.
12 Amarga anggone ngesokake lenga ing
awakKu iku, ateges nganakake pacawisan
tumrap anggonKu bakal kakubur. 13 Sanyatane
Aku pitutur marang kowe, ana ing ngendi bae
Injil iki bakal diwartakake ing saindenging
jagad, apa kang katindakake iku bakal
tansah kapratelakake uga minangka dadi
pangeling-eling marang dheweke.”

Yudas tampa upah

26:14-16

Mk 14:10-11; Lk 22:3-6

14 Sawise iku salah sawijining sakabat rolas,
kang jenenge Yudas Iskariot, marani para
pangareping imam, 15 lan matur: “Kula badhe
kaparingan punapa, mangke tiyangipun badhe
kula ladosaken dhateng panjenengan.” Banjur
diwenehi dhuwit telung puluh sekel salaka.
16 Lan wiwit nalika iku Yudas golek jalaran
bisane ngladosiake Gusti Yesus.

Gusti Yesus dhahar Paskah karo para sakabate

26:17-25

Mk 14:12-21; Lk 22:7-14, 21-23; Yo 13:21-30

17 Ing dina wiwitaning riyaya Roti Tampa Ragi,
para sakabate Gusti Yesus padha ngadhep ing
ngarsane lan matur: “Karsa Paduka kawula
cawisi dhaharan Paskah wonten ing pundi?”
18 Paring wangsulane Gusti Yesus: “Menyanga
kutha, menyanga enggone si Anu lan kandhaa:
Dhawuhipun Guru: WektuKu wis cedhak, Aku
arep mahargya Paskah karo para sakabatKu
ana ing omahmu.” 19 Para sakabat banjur
nindakake apa sapangandikane Gusti Yesus
lan nyawisake Paskah.
20 Bareng wis sore Gusti Yesus banjur lenggah
dhahar bebarengan karo para sakabate
rolas. 21 Sajrone padha mangan, Gusti Yesus
ngandika: “Satemene pituturKu marang kowe:
Ana siji ing antaramu kang bakal ngulungake
Aku.” 22 Para sakabat padha sedhih banget
sarta padha munjuk genti-genti: “Rak sanes
kawula, ta, Gusti?” 23 Paring wangsulane:
“Sing bebarengan karo Aku nyelupake tangane
ing pinggan iki, yaiku sing bakal ngulungake
Aku. 24 Putraning Manungsa pancen bakal
linggar, cocok karo kang katulis tumrap
Panjenengane, nanging bilai wong kang dadi
margane Putraning Manungsa kaulungake.
Luwih becik upama wong iku ora lair.” 25 Yudas,
kang bakal ngulungake Gusti Yesus, matur:

“Rak sanes kawula, ta, Guru?” Pangandikane Gusti Yesus: “Kowe wis ngarani!”

Bujana Suci kang kawitan

26:26-29

Mk 14:22-25; Lk 22:15-20; 1Kr 11:23-25

26 Nalika padha mangan, Gusti Yesus mundhut roti, lan sawise diberkahi, banjur dicuwil-cuwil sarta diparingake marang para sakabate, pangandikane: “Padha tampanana,
panganen, iki badanKu.”
27 Sawise mangkono nuli mundhut tuwung lan sawise caos sokur banjur diparingake marang para sakabate, pangandikane: “Padha ngombea kabeh ing
tuwung iki.
28 Sabab iki getihKu, getihing prajanjian kang kawutahake kanggo wong akeh, minangka pratandha pangapuraning
dosa.
29 Mung bae Aku pitutur marang kowe: Wiwit saiki Aku ora bakal ngombe maneh pametuning wit anggur iki, nganti tumeka dinane Aku ngombe kang anyar bebarengan karo kowe ana ing Kratoning RamaKu.”

Pangandika bab bakal buyare para sakabat lan anggone Petrus bakal nyelaki Gusti Yesus

26:30-35

Mk 14:26-31; Lk 22:31-34; Yo 13:36-38

30 Sawise padha ngrepekake kidung pamuji, banjur padha mangkat menyang ing gunung Zaitun.

31 Gusti Yesus banjur ngandika marang para
sakabat: “Ing bengi iki kowe kabeh bakal
padha kecuwan marga saka Aku. Sabab ana
tulisan kang surasane mangkene: Ingsun bakal
nggebag juru pangon lan wedhus-wedhuse ing
pepanthane bakal buyar. 32 Nanging sawise
Aku tangi, Aku bakal ndhisiki kowe kabeh
menyang ing Galilea.” 33 Petrus mangsuli,
ature: “Sanadyan sadaya sami kecuwan margi
saking Paduka, kawula babar pisan boten.”
34 Pangandikane Gusti Yesus marang Petrus:
“Satemene Aku pitutur marang kowe: Bengi
iki, sadurunge jago kluruk, kowe wis nyelaki
Aku kaping telu.” 35 Atur wangsulane Petrus:
“Sanadyan kawula ngantos pejah sesarengan
kaliyan Paduka, kawula boten badhe nyelaki
Paduka.” Para sakabat liyane iya padha munjuk
mangkono.

Ana ing patamanan Getsemane

26:36-46

Mk 14:32-42; Lk 22:39-46

36 Tindake Gusti Yesus karo para sakabate wis
tekan ing panggonan kang aran Getsemane.
Gusti Yesus banjur ngandika marang para
sakabate:“Padha linggiha ing kene, Aku arep
mrana ndedonga.” 37 Panjenengane banjur
tindak, Petrus lan anake Zebedheus loro padha
kadhawuhan ndherek. Gusti Yesus banjur wiwit
kraos sungkawa lan giris. 38 Nuli ngandika
marang sakabate katelu mau: “AtiKu sedhih
banget, rasane kaya arep mati. Padha anaa ing

kene, Aku rewangana melek.” 39 Panjenengane
banjur tindak ora adoh saka ing kono, nuli
sujud lan ndedonga, ature:“Dhuh, Rama
kawula, manawi pancen saged, mugi tuwung
punika sumingkir saking Kawula, nanging
sampun ngantos kajeng Kawula, namunga
sakarsa Paduka.” 40 Banjur murugi sakabat
telu mau, padha ketemu turu. Panjenengane
ngandika marang Petrus: “Apa kowe ora
kuwat ngrewangi melek Aku sajam bae?
41 Padha meleka lan ndedongaa, supaya kowe
aja tumiba ing panggodha. Roh iku pancen
cumandhang, nanging daging iku ringkih.”
42 Banjur tindak maneh kang kaping pindhone
lan ndedonga, ature: “Dhuh, Rama kawula,
manawi tuwung punika boten saged sumingkir,
kajawi kedah Kawula ombe, inggih sumangga
ing sakarsa Paduka.” 43 Nalika murugi para
sakabate maneh, iya padha ketemu turu,
sabab mripate mbliyut. 44 Tumuli padha ditilar
maneh kaping telune lan ndedonga kaya sing
uwis. 45 Sawise mangkono banjur murugi
para sakabate lan ngandika:“Padha terusna
anggonmu turu saiki lan ngasoa. Lah wis
tekan ing titi mangsane Putraning Manungsa
kaulungake marang tamganing wong-wong
dosa. 46 Padha tangia, ayo padha lunga, kang
ngulungake Aku wis cedhak.”

Gusti Yesus kecepeng

26:47-56

Mk 14:43-50; Lk 22:47-53; Yo 18:1-11

47 Nalika Gusti Yesus isih ngandika, Yudas,
yaiku salah sawijining sakabat, teka kanthi
wong sagolongan gedhe, kang padha
sikep pedhang lan penthung, utusane
para pangareping imam lan pinituwaning
bangsa Yahudi. 48 Wong kang ngulungake
Panjenengane wis aweh tandha marang
wong-wong mau: "Wong sing dakcucup,
yaiku wonge, cekelen!" 49 Satekane banjur
enggal-enggal, marepeki Gusti Yesus sarta
matur: "Ngaturaken salam, Guru," nuli nucup.
50 Nanging Gusti Yesus ngandika: "Heh, kanca,
iku ta prelumu teka?" Wong-wong mau banjur
padha maju lan nyekel Gusti Yesus. 51 Ing
kono ana sawijining pandhereke Gusti Yesus,
kang gumrageh tangane ngunus pedhange,
disabetake marang abdine Imam Agung,
kupinge kaperung. 52 Nanging pangandikane
Gusti Yesus: "Pedhangmu warangkakna,
awit wong kang olah pedhang, bakal tiwas
dening pedhang. 53 Apa pangiramu Aku
ora bisa nyuwun marang RamaKu, supaya
Panjenengane enggal ngirimake malaekat
luwih saka rolas bregada lan mbiyantu Aku?
54 Yen mangkono, kapriye pangandika kang
tinulis ing Kitab Suci bisane kalakon, kang
mratelakake, yen iki kudu kalakon mangkono?"
55 Ing nalika iku Gusti Yesus ngandika marang

wong akeh mau: "Rumangsamu Aku iki begal,
dene anggonmu teka sikep gegaman pedhang
lan penthung, arep nyekel Aku? Mangka
saben dina Aku linggih lan memulang ana
ing Padaleman Suci, kowe ora nyekel Aku.
56 Nanging kabeh-kabeh iki kalakon supaya
kayektenana kang tinulis ing kitabe para
nabi." Para sakabat banjur padha ninggal
Panjenengane lan padha lumayu kabeh.

Gusti Yesus ana ing ngarepe pradata

26:57-68

Mk 14:53-65; Lk 22:54-55, 63-71; Yo 18:12-14, 19-24

57 Gusti Yesus sawise kacepeng banjur
kairid menyang ing daleme Imam Agung
Kayafas. Para ahli Toret lan para pinituwa
wis padha nglumpuk ana ing kono. 58 Petrus
ngetutake saka ing kadohan nganti tekan
ing plataraning Imam Agung, lan bareng wis
mlebu banjur linggih ing satengahe para abdi,
arep nyumurupi karampunganing prakara.
59 Para pangareping imam, malah sapepake
pradata padha golek seksi palsu kang nglawan
Gusti Yesus, supaya Panjenengane bisa
kapatrapan paukuman pati, 60 nanging ora bisa
oleh, sanadyan akeh seksi palsu kang padha
seba. Wasana ana wong loro kang maju,
61 lan matur: "Tiyang punika nate cariyos:
Aku bisa mbubrah Padalemane Allah lan
bisa mbangun maneh sajroning telung dina."
62 Imam Agung banjur jumeneng lan ngandika
marang Gusti Yesus: "Apa kowe ora mangsuli

apa-apa tumrap pandakwane seksi-seksi iki?”
63 Nanging Gusti Yesus kendel bae. Imam Agung banjur ngandika maneh: “Demi Allah kang gesang, kandhaa marang aku kabeh, Kowe iku apa Sang Kristus, Putraning Allah,
apa dudu?” 64 Paring wangsulane Gusti Yesus: “Kowe wis ngarani. Nanging Aku kandha marang kowe kabeh: Wiwit saiki kowe bakal ndeleng Putraning Manungsa lenggah ing satengene Kang Maha Kuwasa lan rawuh nitih
meganing langit.” 65 Ing kono Imam Agung nyuwek pangagemane lan ngandika: “Wong iki nyenyamah Allah. Apa prelune nganggo seksi? Sapunika panjenengan sadaya sampun
mireng anggenipun nyenyamah. 66 Kadospundi panimbang panjenengan?” Kabeh padha mangsuli: “Tiyang punika kedah kaukum pejah.”
67 Banjur padha ngidoni pasuryane lan
ngantemi; ana maneh kang napuki 68 kanthi
ngucap: “Heh, Kristus, coba kandhakna marang aku kabeh, sapa kang napuk kowe?”

Petrus nyelaki Gusti Yesus

26:69-75

Mk 14:66-72; Lk 22:56-62; Yo 18:15-18, 25-27

69 Nalika samana Petrus linggih ana ing jaba, ana ing plataran. Banjur ana sawijining abdi wadon kang nyedhaki lan alok: “Sampeyan nggih tumut kalih Yesus, tiyang Galilea niku!”
70 Nanging Petrus selak ana ing ngarepe wong kabeh, wangsulane: “Kula boten ngreti kajeng

sampeyan niku.” 71 Bareng dheweke menyang
ing regol, ana abdi liyane kang weruh, banjur
kandha karo wong-wong kang ana ing kono:
“Wong iki golongane Yesus, wong Nasaret
iku.” 72 Nanging Petrus selak maneh kanthi
sumpah: “Kula boten wanuh kalih tiyang niku.”
73 Ora let suwe wong-wong sing ana kono
padha nyedhaki Petrus lan calathu: “Kowe
iku mesthi iya golongane wong iku, iki wis
katara saka basamu.” 74 Petrus banjur wiwit
nyupatani awake dhewe lan sumpah: “Kula
boten wanuh kalih tiyang niku.” Nalika iku
banjur ana jago kluruk. 75 Petrus nuli kelingan
pangandikane Gusti Yesus marang dheweke: “
Sadurunge jago kluruk, kowe wis nyelaki Aku
ping telu.” Banjur metu menyang ing jaba,
nangis kelara-lara.

Gusti Yesus kapasrahake marang wali-nagara.

Yudas mati nggantung

27:1-10

27 1 Bareng wis esuk, kabeh pangareping
imam lan pinituwaning bangsa Yahudi
padha nglumpuk lan mutus, Gusti Yesus
kapatrapan paukuman pati. 2 Gusti Yesus
banjur kabesta kaladosake marang Sang
Wali-Nagara Pilatus.

3 Nalika Yudas, kang ngulungake Gusti
Yesus, sumurup, yen Panjenengane bakal
kasedanan, banjur kaduwung, dhuwit telung

puluh sekel salaka kabalekake marang para
pangareping imam lan pinituwa
4 kalawan
matur:“ Kula damel dosa, jalaran ngulungaken
rahipun tiyang ingkang boten lepat.” Nanging
wangsulane wong-wong mau: “Preduli apa, iku
prakaramu dhewe!”
5 Dhuwit banjur diuncalake
dening Yudas menyang sajroning Padaleman
Suci, nuli lunga saka kono lan mati nggantung.
6 Para pangareping imam padha njupuki
dhuwit mau lan padha calathu:“Dhuwit iki ora
kena kalebokake ing pethi pisusung, sabab
iki dhuwit getih.”
7 Sawise padha rembugan,
dhuwit mau ditukokake palemahaning kundhi,
kagawe pakuburaning wong manca.
8 Mulane
palemahan mau saprene diarani: palemahan
getih.
9 Marga saka iku dadi wis kalakon
pangandika kang kalantarake dening Nabi
Yeremia: “Padha nampani dhuwit telung
puluh sekel salaka, yaiku pangajine kang wis
katetepake kanggo wong siji, manut patrap
ngregani kang wis kaprah ana ing satengahing
bangsa Israel,
10 lan dhuwit mau banjur
katukokake palemahaning kundhi, kaya kang
dadi dhawuhing Pangeran marang aku.”

Gusti Yesus ana ing ngarsane Sang Pilatus

27:11-26

Mk 15:1-15; Lk 23:1-5, 13-25; Yo 18:33--19:16

11 Gusti Yesus banjur kairid marang ngarsane
wali-nagara, nuli kadangu dening wali-nagara:
“Punapa Panjenengan ratunipun tiyang

Yahudi?” Gusti Yesus ngandika: “Panjenengan
sampun mastani.”
12 Nanging tumrap pandakwa, kang
kaajokake dening para pangareping imam
lan para pinituwa, Gusti Yesus ora paring
wangsulan apa-apa. 13 Sang Pilatus ngandika
maneh: “Punapa Panjenengan boten
mirengaken gigatanipun para seksi ingkang
samanten kathahipun punika?”
14 Gusti Yesus ora paring wangsulan babar
pisan, njalari gumune wali-nagara.
15 Wis dadi adat kalumrahan Sang Wali-
Nagara, saben riyaya mangkono, ngluwari
wong ukuman siji, kang dipilih dening wong
akeh. 16 Ing nalika iku ing pakunjaran ana
wong ukuman siji sing wis kajuwara pialane,
jenenge Barabas. 17 Sarehne wong-wong wis
padha nglumpuk ana ing kono, Sang Pilatus
ngandika marang wong-wong mau: “sapa
sing kokkarepake dakluwari, Barabas apa
Yesus kang kasebut Kristus?” 18 Panjenengane
pancen wis mirsa, yen anggone masrahake
Gusti Yesus iku marga saka drengkine.
19 Nalika Sang Pilatus lagi lenggah ing
kursi pangadilan, garwane utusan matur:
“Sampun ngantos panjenengan tumut-tumut
ing prakawisipun tiyang mursid punika,
sabab margi saking Panjenenganipun punika
salebeting ngimpi kala wau dalu, kula
ngraosaken sisah.”
20 Nanging marga saka pangojok-ojoke para
pangareping imam lan para pinituwa, wong
akeh padha nekad nyuwun supaya Barabas

diluwari lan Gusti Yesus disedani. 21 Sang
Wali-Nagara paring wangsulan lan ngandika:
“Wong loro iku sing endi sing kokkarepake
dakluwari?” Ature wong-wong mau: “Barabas.”
22 Sang Pilatus ndangu maneh: “Yen
mangkono Yesus kang kasebut Kristus iki
karepmu dakkapakake?” Wong-wong padha
matur saur manuk: “Kedah dipun salib!”
23 Pandangune maneh:“Nanging apa
kaluputane?” Ewasamono wong-wong mau
saya sora anggone bengok-bengok: “Kasaliba!”
24 Bareng Sang Pilatus uninga, yen sakabehing
pambudidaya bakal tanpa guna, malah wis
wiwit kisruh kaanane, panjenengane banjur
wijik asta ana ing sangareping wong akeh
mau lan ngandika: “Aku ora kaluputan tumrap
getihe wong iki; iku prakaramu dhewe!”
25 Nanging wong kabeh padha matur: “Rahipun
dhumawaha ing kawula dalah saanak-anak
kawula.” 26 Sang Pilatus banjur nuruti kareping
wong akeh, Barabas diluwari; dene Gusti Yesus
sawise kasapu banjur kapasrahake supaya
disalib.

Gusti Yesus kagawe sawenang-wenang

27:27-31

Mk 15:16-20; Yo 19:2-3

27 Para prajurite Sang Wali-Nagara banjur
ngirid Gusti Yesus mlebu menyang ing
gedhong pangadilan, lan prajurit sagolongan
kabeh padha diklumpukake, ngepung Gusti
Yesus. 28 Pangagemane Gusti Yesus disantuni

jubah wungu, [29] sarta wong-wong banjur
gawe rerekan makutha eri, nuli ditrapake ing
mustakane, astane tengen dicaosi lantaran
glagah. Sawise mangkono wong-wong padha
jengkeng ana ing ngarsane lan kanthi ngece
pangucape: “Ngaturaken sugeng, dhuh
Ratunipun tiyang Yahudi!” [30] Banjur padha
ngidoni, lantaran karebut kagebagake ing
mustakane. [31] Sawise dipoyoki, pangagemane
jubah disantuni pangagemane piyambak
maneh, banjur kairid metu arep disalib.

Gusti Yesus kasalib

27:32-44

Mk 15:21-32; Lk 23:26, 33-43; Yo 19:17-24

[32] Nalika padha lumaku metu menyang
njaban kutha, kapethuk wong saka ing kutha
Kirene, jenenge Simon. Iku kapeksa manggul
salibe Gusti Yesus.
[33] Lakune banjur wis tekan ing panggonan
kang aran Golgota, tegese pacumplungan.
[34] Gusti Yesus nuli dicaosi ngunjuk anggur
campur rempelu. Bareng wis diicipi, ora karsa
ngunjuk. [35] Sawise kasalib, pangagemane
dibage-bage sarana kaundhi. [36] Wong-wong
banjur linggih, njaga Gusti Yesus. [37] Ing
sandhuwure mustakane kapasangan tulisan,
kang mratelakake sababe kaukum, unine: “Iki
Yesus ratune wong Yahudi.”
[38] Nalika samana ana begal loro kang sinalib
bebarengan karo Gusti Yesus, siji ana ing
tengen, sijine ana ing kiwa.

[39] Wong-wong sing padha liwat ing kono,
padha ngala-ala Panjenengane, padha
gedheg-gedheg [40] karo muni: "Heh, kowe, sing
arep mbubrah Padaleman Suci lan mbangun
maneh sajroning telung dina, coba awakmu
dhewe luwarana. Manawa kowe Putraning
Allah, mudhuna saka ing salib!" [41] Mangkono
uga para pangareping imam, para ahli Toret
lan para pinituwa, padha bebarengan moyoki,
unine: [42] "Bisa nulungi wong liya, kok ora bisa
nulungi awake dhewe! Iku Ratu Israel? Cikben
mudhun saka ing salib, banjur aku kabeh
bakal pracaya. [43] Dheweke kumandel marang
Allah, cikben dipitulungi Gusti Allah, manawa
pancen dadi keparenge. Rak wis kandha
ngene: Aku iku Putraning Allah." [44] Dalasan
begal-begal kang bareng disalib iya ngala-ala
Panjenengane mangkono.

Gusti Yesus seda

27:45-56

Mk 15:33-41; Lk 23:44-49; Yo 19:28-30

[45] Wiwit jam rolas nganti tumeka jam
telu ana pagowong kang nglimputi satanah
kabeh. [46] Kira-kira jam telu Gusti Yesus
nguwuh-uwuh kanthi sora: "Eli, Eli, lama
sabakhtani?" Tegese: Dhuh Allah Kawula,
Allah Kawula, punapaa dene Kawula Paduka
tegakaken? [47] Krungu kang mangkono iku
wong sawatara kang padha ngadeg ana
ing kono padha ngucap: "Elo, Dheweke
ngundang Elia." [48] Nuli ana wong siji kang

enggal-enggal mrono, banjur njupuk jamur
karang kacelupake ing anggur kecut, digarani
glagah lan dicaosake Gusti Yesus supaya
kaunjuk. 49 Nanging wong-wong liyane padha
ngucap: “Aja, aku arep padha weruh, apa Nabi
Elia rawuh ngluwari Dheweke.” 50 Gusti Yesus
banjur nguwuh-uwuh maneh kanthi sora, nuli
masrahake nyawane.

51 Ing kono gubahe Padaleman Suci suwek
dadi loro wiwit saka ing dhuwur nganti tekan
ngisor, lan ana lindhu, sarta gunung-gunung
karang padha bengkah 52 apadene kuburan-
kuburan padha menga, lan akeh wong suci
kang wis padha mati, padha urip maneh. 53 Lan
sawise Gusti Yesus wungu, wong-wong mau
padha metu saka ing kubur, banjur lumebu ing
kutha suci lan ngaton marang wong akeh.

54 Panggedhening prajurit dalah para
wadyabalane sing padha njaga Gusti Yesus,
bareng weruh lindhu lan apa kang wis kalakon,
padha wedi, lan padha calathu mangkene:
“Sanyata Panjenengane iku Putraning Allah.”

55 Ing kono ana wong wadon akeh kang
padha nyawang saka ing kadohan, yaiku
wong-wong wadon kang padha ndherekake
Gusti Yesus saka ing Galilea prelu ngladosi
Panjenengane, 56 kayata: Maryam Magdalena,
lan Maryam ibune Yakobus lan Yusuf, lan ibune
anak-anake Zebedheus.

Gusti Yesus kasarekake

27:57-61

Mk 15:42-47; Lk 23:50-56; Yo 19:38-42

57 Bareng sore ana wong sugih saka ing
kutha Arimatea, jenenge Yusuf, kang uga wis
dadi siswane Gusti Yesus, 58 seba marang ing
ngarsane Sang Pilatus nyuwun layone Gusti
Yesus. Sang Pilatus banjur dhawuh masrahake
marang wong mau. 59 Layon tinampa dening
Yusuf, nuli diulesi nganggo mori putih kang
resik, 60 banjur kasarekake ing pakuburane
dhewe kang anyar, kang digawe ing sajroning
gumuk karang, lan sawise ngglundungake
watu gedhe ing lawanging pasarean mau, nuli
mulih.
61 Nanging Maryam Magdalena lan Maryam
sijine padha ana ing kono padha linggih ing
ngareping pasarean.

Pasarean Gusti Yesus kajaga

27:62-66

62 Esuke, yaiku sawise dina pacawisan, para
pangareping imam lan para Farisi padha
bebarengan sowan menyang ing ngarsane
Sang Pilatus 63 lan padha matur: “Tuwan,
kula sami kengetan, bilih juru panasaran
punika nalika taksih gesang, cariyos makaten:
Sawise telung dina Aku bakal tangi. 64 Awit
saking punika, karsaa ndhawuhaken, supados
kuburipun kajagi ngantos dumugi tigang

dintenipun; manawi boten, saged ugi
para sakabatipun lajeng dhateng nyolong
Piyambakipun, nunten cariyos dhateng
tiyang kathah: Piyambakipun sampun tangi
saking antawisipun tiyang pejah, satemah
panasaran ingkang kantun badhe langkung
awon langkung awon tinimbang ingkang
rumiyin.” 65 Pangandikane Sang Pilatus
marang wong-wong mau: “Prajurit-prajurit
iki gawenen, wis mangkata, pakuburane
jaganen sing becik.” 66 Saundure banjur padha
nganakake panjagan lan nyegel watu tutuping
pasarean kabantu dening para prajurit mau.

Wungune Gusti Yesus

28:1-10

Mk 16:1-8; Lk 24:1-12; Yo 20:1-10

28 1 Bareng dina Sabat wis kliwat,
ing wayah bangun esuk, ing dina
kapisan ing minggu iku, Maryam Magdalena
karo Maryam sijine padha lunga niliki
pasarean. 2 Banjur ana lindhu gedhe, awit
ana malaekating Pangeran kang tumedhak
saka ing langit nyelak lan ngglundhungake
watune, nuli dilenggahi. 3 Pasuryane katon
kaya kilat, pangagemane putih kaya salju.
4 Sing padha jaga gumeter wedi banget nganti
kaya wong mati. 5 Ananging malaekat mau
ngandika marang wong-wong wadon mau:
“Kowe aja padha wedi, sabab aku ngreti, kowe
padha nggoleki Gusti Yesus kang disalib iku.
6 Panjenengane ora ana ing kene, awit wis

wungu, kaya kang wis dipangandikakake.
Padha mrenea, delengen panggonan kang
mentas kagem sumare. 7 Mulane padha
endang balia lan kandhaa marang para
sakabate, yen Panjenengane wis wungu
saka ing antarane wong mati lan ndhisiki
lakumu menyang Galilea. Kowe bakal padha
ndeleng Panjenengane ana ing kana. Yaiku
pawartaku marang kowe kabeh.” 8 Wong-wong
mau banjur enggal-enggal mangkat saka ing
pasarean kanthi rasa wedi lan bungah banget,
sarta enggal-enggal padha lumaku rerikatan
marani sakabat prelu menehi pawarta bab
mau. 9 Dumadakan Gusti Yesus methukake
lakune lan ngandika: “Bagea!” banjur padha
marek, nyungkemi sampeyane lan sujud.
10 Gusti Yesus tumuli ngandika: “Aja padha
wedi. Padha balia, sadulur-sadulurKu padha
kandhanana, supaya padha menyang ing
Galilea, ana ing kana bakal padha ndeleng
Aku.”

Wong sing jaga padha dibeseli

28:11-15

11 Nalika wong-wong mau lagi padha ana
ing dalan, ana wong sawatara kang mentas
jaga kang padha menyang ing kutha, ngaturi
uninga marang para pangareping imam, bab
apa kang mentas kalakon mau kabeh. 12 Para
pangareping imam mau sawise pirembagab
karo pinituwa, banjur padha gawe putusan,
para prajurit kang jaga padha diwenehi dhuwit

akeh [13] lan padha diweling: “Kowe padha
martak-martakna, yen ing wayah bengi para
sakabate padha teka nyolong layone, nalika
kowe kabeh lagi padha turu. [14] Manawa bab
iki kaprungu dening wali-nagara, aku kang
bakal padha matur marang panjenengane,
supaya aja nganti ndadekake kasusahanmu.”
[15] Para prajurit banjur padha nampani dhuwite
lan nindakake apa kang wis kadhawuhake.
Carita mangkono iku banjur sumebar ana ing
satengahe wong-wong Yahudi nganti saprene.

Dhawuh supaya padha ngabarake Injil

28:16-20

[16] Para sakabat sawelas nuli padha mangkat
menyang Galilea, menyang ing gunung kang
wis kapangandikakake dening Gusti Yesus.
[17] Bareng padha ndeleng Panjenengane banjur
padha sujud, nanging ana sawatara kang isih
mangu-mangu. [18] Gusti Yesus banjur nyelaki
lan dhawuh mangkene: “Aku wis kaparingan
sakabehing panguwasa ing swarga lan ing
bumi. [19] Mulane padha lungaa, sakabehing
bangsa padha dadekna siswaKu, lan padha
baptisen ing asmane Sang Rama, Sang Putra
lan Sang Roh Suci, [20] apadene padha wulangen
bab apa kang wis Dakdhawuhake marang
kowe kabeh. Lah, Aku tansah nunggal karo
kowe, nganti tumeka ing wekasaning jaman.”

MARKUS

Nabi Yokanan Pambaptis

1:1-8

Mt 3:1-6, 11-12 Lk 3:3-6, 15-17 Yo 1:19-28

1 [1] Iki wiwitane Injile Gusti Yesus Kristus,
Putraning Allah. [2] Kaya kang wis katulisan
ing kitabe Nabi Yesaya:

“Lah, Ingsun dhawuh marang utusaningSun,
supaya ndhisiki Sira, iku bakal nyawisake
dalanira;
[3] ana swaraning wong kang nguwuh-uwuh
ana ing ara-ara samun:
Padha nyawisna margining Pangeran,
lencengna lurung-lurunge.”

[4] Kaya mangkono anggone Nabi Yokanan
Pambaptis rawuh ing ara-ara samun lan
nguwuh-uwuh: “Padha mratobata lan padha
kabaptisa, temah Gusti Allah bakal ngapura
dosamu.” [5] Wong-wong saka ing wewengkon
Yudea lan kabeh kang manggon ing kutha
Yerusalem, padha mrono sarta padha dibaptisi
kalawan ngakoni sakehing dosane, ana ing
bengawan Yarden. [6] Nabi Yokanan ngagem
jubah wulu unta lan paningset walulang, dene
kang kadhahar walang karo madu alas. [7] Yaiku
kang kawartakake mangkene: “Sawise aku
bakal rawuh kang panguwaose ngluwihi aku.
Bok tumungkul nguculi taline sepatune bae

aku ora pantes. 8 Aku mbaptis kowe nganggo
banyu, nanging Panjenengane bakal mbaptis
kowe kalawan Roh Suci.”

Gusti Yesus kabaptis dening Nabi Yokanan

1:9-11

Mt 3:13-17 Lk 3:21-22 Yo 1:32-34

9 Nalika samana Gusti Yesus rawuh saka
ing kutha Nasaret ing tanah Galilea, lan
banjur dibaptis dening Nabi Yokanan ana ing
bengawan Yarden. 10 Bareng Panjenengane
mentas saka ing banyu, banjur mirsa langit
piyak, sarta Roh apindha manuk dara
tumedhak ing Panjenengane. 11 Nuli ana swara
saka ing swarga kang kaprungu mangkene:
“Sira iku Putra kang Suntresnani, kang dadi
kaparenging panggalihingSun.”

Gusti Yesus kagodha dening Iblis

1:12-13

Mt 4:1-11 Lk 4:1-13

12 Sawise iku Gusti Yesus dumadakan
katuntun dening Roh menyang ing ara-ara
samun. 13 Ana ing kono suwene patang puluh
dina, kagodha dening Iblis, Panjenengane
lereb ana ing satengahing sato alas, sarta
diladosi dening para malaekat.

Gusti Yesus nggelarake Injil ana ing Galilea

1:14-15

Mt 4:12-17 Luk 4:14-15

14 Barang Nabi Yokanan wis kacepeng, Gusti
Yesus rawuh ing tanah Galilea, nggelarake
Injiling Allah, 15 pangandikane: “Iki wis tekan
ing titimangsane; Kratoning Allah wus cedhak.
Padha mratobata, lan pracayaa marang Injil!”

Gusti Yesus wiwit angsal sakabat

1:16-20

Mt 4:18-22 Lk 5:1-11

16 Nalika Gusti Yesus tindak ana ing urut
pinggire sagara Galilea, mirsa Simon karo
Andreas sadulure Simon, lagi padha nibakake
jala ing sagara, amarga padha dadi tukang
golek iwak. 17 Banjur padha didhawuhi Gusti
Yesus mangkene: “Ayo, padha melua Aku,
kowe bakal Dakdadekake tukang golek
uwong.” 18 Sakarone nuli enggal-enggal
ninggal jalane lan ndherekake Panjenengane.
19 Bareng nglajengake tindake sawatara, Gusti
Yesus mirsa Yakobus anake Zebedheus lan
Yokanan sadulure lagi ana ing prau ndandani
jalane. 20 Sakarone nuli enggal padha ditimbali
dening Gusti Yesus, lan iya banjur padha
ninggal Zebedheus, bapakne, ana ing prau
karo para buruhe, lan banjur ndherekake
Panjenengane.

Gusti Yesus rawuh ing Kapernaum lan nyarasake wong kasurupan

1:21-28

Lk 4:31-37

21 Kacarita lakune wis padha tekan ing
kutha Kapernaum. Bareng dina Sabat, Gusti
Yesus banjur tindak lumebet ing papan
pangibadah lan memulang.
22 Wong-wong
padha kaeraman ngrungokake piwulange,
amarga anggone paring piwulang iku kaya
kang kagungan panguwaos, ora kaya para ahli
Toret.
23 Nalika samana ing papan pangibadah
kono ana wong kang kapanjingan dhemit,
kang nguwuh-uwuh:
24 “Paduka tumut-tumut
punapa kaliyan kawula, dhuh Gusti Yesus
saking Nasaret? Rawuh Paduka punapa badhe
nyirnakaken kawula? Kawula mangretos
Paduka punika sinten: Ingkang asipat suci,
kagunganipun Allah.”
25 Nanging banjur
didukani dening Gusti Yesus, pangandikane,
“Meneng, metua saka wong iku!”
26 Wong kan
kapanjingan banjur kececengan marga saka
panggawene dhemit mau lan jerit-jerit nuli
metu saka wong mau.
27 Kabeh wong padha
sumlengeren, nganti padha takon-tinakon,
“Apa ta iki? Piwulang anyar kagiyarake kanthi
panguwasa. Dalah dhemit-dhemit diprentah
iya padha nurut.”
28 Pawarta bab Panjenengane
iki banjur enggal sumebar tekan ngendi-endi
ana ing wewengkon Galilea.

Gusti Yesus nyarasake ibune maratuwa Petrus lan wong-wong liyane

1:29-34

Mt 8:14-17 Lk 4:38-41

29 Sawise saka ing papan pangibadah
banjur padha menyang ing omahe Simon lan
Andreas, karo Yakobus lan Yokanan. 30 Ibune
maratuwa Simon ngaleleh ing paturon, jalaran
lara panastis. Gusti Yesus banjur diaturi
uninga bab larane iku. 31 Kang lara banjur
dirawuhi, tangane diasta lan ditangekake.
Padha sanalika ilang lelarane, banjur ngladeni
tamu-tamune. 32 Bareng sore, sasuruping
srengenge, wong-wong kang lara lan kang
kasurupan dhemit, padha disowanake kabeh
marang ngarsane Gusti Yesus. 33 Wong sakutha
kabeh padha kumrubut ana ing ngarep lawang.
34 Gusti Yesus banjur nyarasake wong-wong
kang padha nandhang lelara warna-warna lan
nundhungi dhemit akeh. Dhemit-dhemit iku
ora diparengake calathu, jalaran wis padha
ngreti marang Panjenengane.

Gusti Yesus memulang ana ing kutha-kutha liyane

1:35-39

Lk 4:42-44

35 Bareng bangun esuk, nalika isih peteng,
Gusti Yesus wungu lan banjur miyos, tumuli
tindak menyang panggonan kang sepi

lan ndedonga ana ing kono. 36 Simon lan
kanca-kancane iya banjur nusul. 37 Barang wis
ketemu, padha matur: “Sadaya sami madosi
Paduka.” 38 Paring wangsulane, “Ayo padha
menyang panggonan liyane, menyang ing
kutha-kutha sing cedhak, Aku arep nggelarake
Injil mrono uga, amarga iya iku prelune
anggonKu teka.” 39 Panjenengane banjur
ndlajahi tanah Galilea kabeh lan nggelarake
Injil ana ing papan-papan pangibadah ing
kono sarta nundhungi dhemit.

Wong lara budhugen kawarasake

1:40-45

Mt 8:1-4 Lk 5:12-16

40 Tumuli ana wong lara budhugen sowan ing
ngarsane Gusti Yesus, banjur jengkeng sarta
nyuwun tulung marang Panjenengane, ature:
“Manawi Paduka karsa, tamtu saged mbirat
najis kawula.” 41 Gusti Yesus trenyuh ing galih
marga saka welas, banjur mulung astane,
ndemek marang wong mau sarta ngandika:
“Aku karsa, birata najismu!” 42 Sanalika iku uga
ilang lelarane budhug temah wis birat najise.
43 Wong mau banjur enggal kadhawuhan lunga
kanthi kaweling wanti-wanti: 44 “Poma, kowe
aja pisan-pisan kandha-kandha bab iki marang
sapa bae, nanging lungaa, awakmu tuduhna
marang imam, sarta caosna pisungsung
birating najismu, kaya kang wis kadhawuhake
dening Nabi Musa, minangka paseksi marang
wong kabeh.” 45 Ewadene wong mau saundure

banjur martak-martakake lelakon mau,
disuwurake menyang ing ngendi-endi,
satemah Gusti Yesus ora bisa kanthi ngedheng
lumebet ing kutha. Panjenengane lereb ana
ing jaba, ana ing panggonan-panggonan kang
sepi, naning wong-wong saka ngendi-endi iya
meksa padha sowan menyang ing ngarsane.

Wong lumpuh kawarasake

2:1-12

Mt 9:1-8 Lk 5:17-26

2 1 Let sawatara dina, bareng Gusti Yesus
wis rawuh maneh ana ing Kapernaum,
pawartane enggal sumebar, yen Panjenengane
ana ing dalem. 2 Mulane banjur akeh
wong kang padha kumrubut mrono, nganti
kekurangan papan, malah ing ngarep lawang
iya wis ora ana panggonan. Gusti Yesus banjur
medhar pangandika marang wong-wong mau.
3 Tumuli ana wong-wong kang nyowanake
wong lumpuh, digotong wong papat. 4 Nanging
ora bisa tekan ing ngarsane, marga saka
akehe wong, mulane banjur mbukak payon ing
sanginggile Gusti Yesus; sawuse mangkono
kasur kang dituroni wong lumpuh mau nuli
diudhunake. 5 Bareng Gusti Yesus nguningani
pangandele wong-wong mau, banjur ngandika
marang kang lumpuh: “He, ngger, dosanmu
wis kaapura!” 6 Nanging ing kono iya ana
ahli Toret sawatara, iku padha nggagas:
7 “Yagene wong iku kok muni mangkono?
Iku rak nyenyamah Gusti Allah. Sapa kang

wenang ngapura dosa kajaba mung Gusti Allah
piyambak?” 8 Nanging Gusti Yesus sajroning
panggalih mirsa marang gagasane wong-wong
mau kang mangkono iku, banjur padha
dipangandikani: “Kapriye dene kowe padha
duwe gagasan mangkono sajroning atimu?
9 Endi kang luwih gampang, kandha karo wong
lumpuh iku: Dosamu wis diapura, apa kandha:
Tangia, paturonmu angkaten lan lumakua.
10 Nanging supaya kowe padha mangreti,
yen Putraning Manungsa ana ing donya iki
duwe panguwasa ngapura dosa,” -- banjur
ngandika marang kang lumpuh: -- 11 “Aku
kandha marang kowe, tangia, paturonmu
angkaten lan muliha!” 12 Padha sanalika wong
mau banjur tangi, paturone diangkat nuli
lunga metu saka ing ngarepane wong-wong
mau, temahan wong kabeh padha kaeraman
lan banjur ngluhurake Gusti Allah, pangucape:
“Kaya mangkene iki aku durung tau tumon.”

Gusti Yesus nimbali Lewi, juru-mupu-beya

2:13-17

Mt 9:9-13 Lk 5:27-32

13 Sawise iku Gusti Yesus tindak menyang
ing pinggiring sagara maneh; akeh wong
kang padha sowan marang ing ngarsane,
banjur padha diparingi piwulang. 14 Wasana
nalika panjenengane langkung ing kono, mirsa
Lewi anake Alfeus linggih ana ing pabeyan,
banjur dipangandikani: “Melua Aku!” Lewi
tumuli ngadeg ndherekake Panjenengane.

15 Kacarita nalika Gusti Yesus dhahar ana
ing omahe wong mau, akeh juru-mupu-beya
lan wong dosa kang padha ndherek dhahar
Panjenengane bebarengan karo para sakabat,
amarga akeh wong kang padha ndherekake
tindake. 16 Nalika para ahli Toret saka golongan
farisi nyumurupi anggone Gusti Yesus Dhahar
bebarengan karo juru-mupu-beya lan wong
dosa iku, bajur padha kandha marang para
sakabat: "Yagene iku kok mangan bebarengan
karo juru-mupu-beya lan wong dosa?" 17 Gusti
Yesus mireng, lan banjur ngandika marang
wong-wong mau: "Kang butuh dhukun iku
dudu wong waras, nanging wong lara. TekaKu
iki ora arep ngundang wong sampurna,
nanging wong dosa."

Bab pasa

2:18-22

Mt 9:14-17 Lk 5:33-39

18 Ing sawijining dina, nalika para sakabate
Nabi Yokanan Pambaptis lan para muride
wong-wong Farisi lagi padha pasa, ana
wong-wong kang sowan ing ngarsane Gusti
Yesus sarta matur: "Punapa sababipun dene
para sakabatipun Nabi Yokanan kaliyan
murid-muridipun tiyang Farisi sami siyam,
sakabat panjenengan kok boten?" 19 Paring
wangsulane Gusti Yesus marang wong-wong
mau: "Apa bisa para mitraning panganten
lanang pasa, nalika mantene isih ana ing kono?
Sasuwene panganten isih ana, wong-wong

ora bisa pasa. [20] Nanging bakal tumeka ing
titi-mangsane, panganten mau bakal kapethal
saka ing wong-wong mau, ing kono banjur
bakal padha pasa. [21] Ora ana wong kang
nambal sandhangan lawas nganggo suwekan
anyar, awit manawa mangkono suwekane
kang anyar mau bakal nyuwekake, kang
anyar nyuwekake kang lawas, temahan saya
amba suweke. [22] Mangkono uga ora ana
wong kang ngisekake anggur anyar ing impes
lawas, amarga yen mangkono anggure bakal
ngamohake impes mau, satemah anggure lan
impese loro-lorone bakal tanpa guna. Mulane
anggur anyar kudune diwadhahi ing impes
anyar."

Gusti Yesus iya Gustine dina Sabat

2:23-28

Mt 12:1-8 Lk 6:1-5

[23] Ing sawijining dina, pinuju dina Sabat,
Gusti Yesus tindak nglangkungi pategalan
gandum lan sajrone mangkono iku para
sakabate padha nyethuti wewulen gandum.
[24] Wong-wong Farisi banjur padha matur
marang Panjenengane: "Kula aturi mirsani.
Punapaa tiyang-tiyang punika sami nindakaken
punapa ingkang dados awisan tumrap ing
dinten Sabat?" [25] Paring wangsulane Gusti
Yesus: "Apa kowe durung tau maca apa
kang ditindakake dening Senapati Dawud,
nalika karo para pandhereke padha nandhang
kakurangan lan kaluwen, [26] yaiku anggone

banjur lumebu ing Padalemaning Allah, nalika
Abyatar dadi Imam Agung, nuli dhahar roti
cecaosan -- kang ora kena dipangan dening
wong liyane kajaba dening para imam -- lan
para pandhereke iya banjur padha diparingi
uga?” [27] Banjur ngandika maneh: “Dina
Sabat iku dianakake kanggo manungsa, ora
kok manungsa kanggo dina Sabat, [28] dadi
Putraning Manungsa iku uga Gustine dina
Sabat.”

Wong ceko kawarasake ing dina Sabat

3:1-6

Mt 12:9-14 Lk 6:6-11

3 [1] Sawuse iku Gusti Yesus rawuh ing papan
pangibadah maneh. Ing kono ana wong
kang tangane ceko sasisih. [2] Wong-wong
padha ngulatake, apa bakal marasake wong
iku ing dina Sabat, supaya anaa dhadhakan
kanggo nglapurake Panjenengane. [3] Gusti
Yesus banjur ngandika marang wong kang
ceko, “Mara, ngadega ing tengah kene!” [4] Nuli
ngandika marang wong-wong mau: “Apa
kang diparengake ing dina Sabat, tumindak
becik apa tumindak ala, nylametake wong
apa mateni wong?” Nanging kabeh padha
meneng bae. [5] Gusti sungkawa panggalihe
nguningani wangkoting atine wong-wong iku,
banjur padha dipirsani mubeng kalawan duka,
nuli dhawuh marang kang ceko: “Jejegna
tanganmu!” Tangane banjur diathungake, wis
mari. [6] Para wong Farisi padha metu lan banjur

sakuthon karo wong Herodhiani sumedya nyedani Panjenengane.

Wong pirang-pirang padha kawaluyakake

3:7-12

7 Gusti Yesus dalah para sakabate banjur
sumingkir menyang ing sagara, akeh wong
saka Galilea kang padha ndherekake. Uga
saka ing Yudea 8 saka ing Yerusalem, saka ing
tanah Idumea, saka ing sabrange bengawan
Yarden, apadene saka ing tlatahe Tirus lan
Sidon iya akeh kang padha sowan, awit wis
padha krungu bab apa kang katindakake
dening Panjenengane kabeh. 9 Gusti Yesus
banjur dhawuh marang para sakabate
nyadhiyakake prau kagem Panjenengane,
amarga saka akehe wong ing kono, dadi
supaya Panjenengane aja nganti kadhesek-
dhesek. 10 Mulane mangkono, awit wis akeh
wong kang diwarasake, satemah wong kang
padha nandhang lelara padha suk-sukan mau
arep ndemek Panjenengane. 11 Para dhemit
kang padha ndeleng Panjenengane, padha
sujud ana ing ngarsane karo bengok-bengkok,
“Paduka punika Putranipun Allah!” 12 nanging
padha dilarang wanti-wanti, ora diparengake
martakake bab sapa ta Panjenengane iku.

Gusti Yesus miji rasul rolas

3:13-19

Mt 10:1-4 Lk 6:12-16

13 Sawise iku Gusti Yesus tumuli minggah
ing gunung sarta nimbali sapa wong kang
dikarsakake lan iya banjur padha sowan
ing ngarsane. 14 Ana rolas kang ditetepake
dadi kanthine, kang kautus nggelarake Injil
15 sarta kang diparingi panguwasa nundhung
setan. 16 Wong rolas kang kapiji iku yaiku:
Simon, kang banjur kaparingan jeneng
Petrus, 17 Yakobus, anake Zebedheus, lan
Yokanan sadulure Yakobus, kang karone
banjur kaparingan jeneng Boanerges, kang
tegese anak gludhug, 18 nuli Andreas, Filipus,
Bartolomeus, Mateus, Tomas, Yakobus
anake Alfeus, Tadheus, Simon wong Zelot,
19 lan Yudas Iskariot, kang ngulungake
Panjenengane.

Gusti Yesus lan Beelzebul

3:20-30

Mt 12:22-32 Lk 11:14-23

20 Gusti Yesus tumuli lumebet ing sawijining
omah, banjur ana wong akeh kang padha
sowan maneh, padha kumrubut, nganti
mangan bae padha ora bisa. 21 Bareng
kulawangsane padha krungu, banjur padha
teka arep nyekel Panjenengane, amarga padha
ngarani Panjenengane gerah gingsir. 22 Dene

para ahli Toret kang teka saka Yerusalem padha
pratela: “Dheweke kapanjingan Beelzebul, lan
nundhungi setan demi panggedhening setan.”
[23] Wong-wong mau banjur padha katimbalan
lan dipangandikani kanthi pasemon: “Kapriye,
apa setan bisa nundhung setan? [24] Manawa
ana karajan, kang kawulane padha crah,
karajan mau ora bisa tulus [25] lan manawa ana
brayat, kang wargane padha crah, brayat iku
ora bisa lestari. [26] Mangkono uga manawa
Iblis brontak nglawan awake dhewe lan
manawa dheweke kabage-bage, ora bakal
bisa lestari, nanging mesthi malah wis tekan
ing wekasane. [27] Ora ana wong kang bisa
lumebu omahe wong rosa lan njarah rayah
barang darbeke, manawa wong kang rosa
mau ora ditalikung dhisik. Sawise mangkono
lagi bisa njarah rayah omahe. [28] Aku pitutur
marang kowe: Satemene sakabehing dosa
lan pangala-alane anak-anaking manungsa
iku bakal kaapura, malah sakabehing
pangala-ala kang diucapake. [29] Nanging
wong kang ngala-ala marang Sang Roh Suci,
ora bakal oleh pangapura salawas-lawase,
jalaran kaluputan anggone nindakake dosa
kang langgeng.” [30] Panjenengane ngandika
mangkono iku, jalaran wong-wong mau padha
ngarani Panjenengane kapanjingan dhemit.

Gusti Yesus lan kulawargane

3:31-35

Mt 12:46-50 Lk 18:19-21

31 Kacarita ingkang ibu lan para sadhereke
padha teka, ngadeg ana ing jaba kongkonan
ngaturi Panjenengane. 32 Panjenengane lagi
lenggah dikupengi wong akeh. Wong-wong iku
padha matur: “Lah punika ingkang ibu sarta
para sadherek paduka wonten ing jawi, sami
badhe pinanggih kaliyan Paduka.” 33 Paring
wangsulane Gusti Yesus, “Sapa ibuKu lan
sadulur-dulurKu?” 34 Panjenengane mirsani
wong-wong kang padha linggih ngupengi
Panjenengane, banjur ngandika: “Iki ibuKu
lan sadulur-sadulurKu! 35 Sing sapa nindakake
karsaning Allah, iya iku sadulurKu lanang,
yaiku sadulurKu wadon, yaiku ibuKu.”

Pasemon juru nyebar

4:1-20

Mt 13:1-23 Lk 8:4-15

4 1 Ing sawijining dina Gusti Yesus wiwit
memulang maneh ana ing pinggiring
sagara. Banjur akeh banget wong kang
padha nglumpuk ana ing ngarsane, mulane
Gusti minggah ing prau kang pinuju labuh
lan lenggah ing kono, dene wong kabeh
padha ana ing dharatan, ing pinggir sagara.
2 Banjur padha diparingi piwulang bab prakara
akeh kalawan pasemon. Anggone mulang

pangandikane mangkene: [3] “Padha rungokna!
Ana juru nyebar metu nyebar wiji. [4] Anggone
nyebar mau ana kang tumiba ing pinggir
dalan, nuli ana manuk kang padha teka nucuki
wiji-wiji mau nganti entek. [5] Ana kang tumiba
ing lembah kang akeh watune, lemahe mung
sathithik. Wijine enggal tuhukul, amarga
lemahe tipis. [6] Nanging bareng srengengene
saya dhuwur, banjur alum lan dadi garing
amarga ora ana oyode. [7] Ana maneh kang
tumiba ing eren; bareng thethukulan eri iku
saya gedhe, wijine kendhih banjur mati,
temahan ora metu wohe. [8] Ana kang tumiba
ing lemah becik, iku thukul kanthi subur lan
banjur metu wohe ana kang tikel telung puluh,
ana kang tikel sawidak, ana kang tikel satus.”
[9] Apamaneh pangandikane: “Sapa kang duwe
kuping kanggo ngrungokake, ngrungokna!”

[10] Nalika Panjenengane piyambakan, para
pandhereke lan para sakabate rolas padha
nyuwun katrangan bab pasemon mau.
[11] Paring wangsulane, “Kowe kabeh wis padha
kaparingan kekerane Kratoning Allah, nanging
marang wong-wong jaba samubarang kabeh
kaparingake kanthi pasemon, [12] supaya:

Sanadyan ndeleng, ora weruh,
sanadyan krungu, ora ngreti,
supaya aja padha mratobat lan oleh
pangapura.”

[13] Tumuli ngandika marang wong-won
mau: “Apa kowe ora padha ngreti isining
pasemon iki? Manawa mangkono kapriye
bisamu ngreti pasemon-pasemon liyane

kabeh? [14] Juru nyebar iku nyebar pangandika.
[15] Wong-wong ing pinggir dalan, kang disebari pangandika, yaiku wong-wong kang ngrungokake pangandika, nanging Iblis banjur teka ngilangi pangandika kang disebar ing sajroning atine. [16] Mangkono
uga kang disebar ing tanah kang akeh watune, yaiku wong-wong kang ngrungokake pangandika mau lan enggal-enggal nampani kanthi seneng. [17] Nanging ku ora ana oyode,
dadi mung bisa tahan sadhela. Bareng ana mangsane katindhes lan kinaniaya, marga saka pangandika mau, banjur padha murtad.
[18] Dene sejene yaiku kang kasebar ing eren,
iku wong-wong kang padha ngrungokake pangandika, [19] nanging banjur kasusahaning
donya iki lan panasaraning kasugihan apadene kamelikan-kamelikan marang bab liya-liyane iku padha sumusup ing ati lan ngendhih pangandika mau, temahan ora metu wohe.
[20] Wekasan sing disebar ing lemah kang becik,
yaiku wong kang ngrungokake sarta nampani pangandika, banjur metu wohe, ana kang tikel telung puluh, ana kang tikel sawidak, lan ana kang tikel satus."

Pasemon bab damar lan ukuran

4:21-25

Lk 8:16-18

[21] Gusti Yesus banjur ngandika marang
wong-wong mau: "Wong nggawa damar iku ora banjur dikurebi tompo utawa didokok

ing longan, nanging banjur ditumpangake
ing jodhog. 22 Sabab ora ana barang kang
kasidhem, kang ora bakal kalairake, lan
ora ana barang kang winadi kang ora bakal
kawiyak. 23 Sing sapa duwe kuping kanggo
ngrungokake iku ngrungokna!"
24 Banjur ngandika maneh, "Ematna apa kang
padha kokrungokake. Ukuran kang kokanggo
ngukur, iku uga bakal kanggo ngukur kowe,
sarta kajaba iku tumrap kowe bakal diwuwuhi.
25 Amarga sapa kang duwe, bakal diparingi,
dene sing ora duwe, kabeh kang kaduwe bakal
kapunduhut."

Pasemon bab wiji kang thukul

4:26-29

26 Gusti Yesus banjur ngandika: "Kratoning
Allah iku mangkene: upamane kaya wong
kang nyebar wiji ing lemah, 27 nuli yen bengi
turu, yen awan tangi, lan wiji mau thukul sarta
saya dhuwur, kapriye tumindake, wong mau
ora ngreti. 28 Bumi iku metokake woh dhewe,
kang dhisik gagange, banjur wewulene, nuli
gandume kang mentes-mentes. 29 Manawa
wohe wis cukup tuwa, wong mau wiwit ngeriti,
amarga wis mangsa panen."

Pasemon bab wiji sawi

4:30-34

Mt 13:31-35 Lk 13:18-19

30 Gusti Yesus ngandika maneh: “Kratoning
Allah iku kita upamakake apa? Utawa kena
kita gambar nganggo pasemon apa?
31 Kraton
iku upamane kaya wiji sawi kang disebar
ing lemah. Pancen wiji iki, padha-padha wiji
kang ana ing bumi, cilik dhewe.
32 Nanging
bareng wis disebar, banjur thukul lan dadi
gedhe ngluwihi sakabehing jejanganan liyane,
sarta metu pange kang gedhe-gedhe, nganti
manuk-manuk ing awang-awang padha bisa
nusuh ana ing ayomane.”
33 Gusti Yesus anggone mulangake
pangandika marang wong-wong mau ngagem
pasemon akeh kang kaya mangkono iku, laras
karo tataraning pangretene,
34 lan ora padha
dipangandikani apa-apa kang tanpa pasemon,
nanging yen marang para sakabate apa bae
diterangake piyambakan.

Gusti nyirep prahara

4:35-41

Mt 8:23-27 Lk 8:22-25

35 Ing dina iku bareng wis sore, Gusti Yesus
ngandika marang para sakabate: “Ayo padha
menyang sabrang.”
36 Banjur padha ninggal
wong akeh mau lan mangkat ndherekake
Gusti Yesus kang wis nitih prau, bebarengan

karo prau-prau liyane. 37 Tumuli ana prahara
gedhe, lan ombake nyempyok-nyempyok
tumiba ing sajroning prau, nganti praune meh
kebak banyu. 38 Dene Gusti Yesus ana ing
buritan, lagi sare ngagem kajang sirah. Banjur
diwungu dening para sakabat, unjuke: "Guru,
punapa Paduka boten nggalih, bilih kawula
sami badhe tiwas?" 39 Panjenengane banjur
wungu, angine didukani, lan ngandika marang
sagara: "Menenga lan dadia anteng!" Angine
nuli mendha lan sagarane dadi anteng maneh.
40 Banjur ngandika marang para sakabate:
"Yagene kowe padha wedi mangkono? Yagene
kowe ora padha pracaya?" 41 Wong-wong mau
padha dadi wedi banget lan padha guneman:
"Sapa ta Panjenengane iku, dene dalasan
angin lan sagara kok iya padha ngestokake
dhawuhe?"

Gusti Yesus nundhung dhemit ana ing Gerasa

5:1-20

Mt 8:28-34 Lk 8:26-39

5 1 Sawuse mangkono banjur wis padha
tekan ing sabranging sagara, ing tanahe
wong Gerasa. 2 Lagi bae mandhap saka
ing prau, Gusti Yesus disowani ing wong
kapanjingan dhemit saka ing pakuburan.
3 Wong mau manggon ana ing kono lan wis ora
ana wong siji-sijia maneh kang saguh mbanda
dheweke, sanadyan nganggo rante, 4 amarga
wis kerep dibanda lan dirante, nanging

rantene dipedhot lan blengguning sikil dirucat,
temahan ora ana wong siji-sijia kang bisa gawe
tutute. 5 Rina wengi wong mau klambarangan
ana ing pakuburan lan ing gunung-gunung
karo bengak-bengok sarta ngantemi awake
dhewe, nganggo watu. 6 Bareng wong mau
ndeleng Gusti Yesus saka ing kadohan, banjur
mlayu menyang ing ngarsane sarta nyembah,
7 lan mbengok seru: "Paduka preduli punapa
kaliyan kawula, dhuh, Gusti Yesus, Putraning
Allah ing kang Mahaluhur? Demi Allah sampun
ngantos niksa kawula!" 8 Jalaran sadurunge
iku Gusti Yesus wus ngandika marang wong
mau: "Heh, dhemit, lungaa saka wong iku!"
9 Wasana panjenengane banjur ndangu:
"Sapa jenengmu?" Atur wangsulane: "Nama
kawula Legion, jalaran cacah kawula kathah
sanget." 10 Wong mau nyuwun kanthi adreng
supaya dhemit-dhemite aja ditundhung saka
wewengkon kono.

11 Nalika iku ing ereng-erenging gunung
kono ana babi akeh banget kang pinuju
golek pangan. 12 Dhemit-dhemit mau nyuwun
marang Panjenengane, ature: "Kawula
mugi sami kadhawuhana murugi babi-babi
punika, sami badhe kawula lebeti." 13 Gusti
Yesus marengake. Dhemit-dhemit banjur
padha metu lan manjing ing babi-babi mau.
Grombolan babi kang cacahe kira-kira rong
ewu iku banjur gumrudug mudhun saka ing
pinggiring jurang ambyur ing sagara, wasana
padha mati klelep ana ing kono.

14 Pangon-pangone babi-babi mau banjur
padha mlayu lan nyritakake lelakon iku ana
ing kutha lan ing kampung-kampung ing
sakiwa tengene. Wong-wong nuli padha metu
arep nyumurupi apa kang mentas kalakon
iku. 15 Wong-wong mau padha sowan ing
ngarsane Gusti Yesus lan ndeleng wong kang
maune kapanjingan dhemit legion linggih ing
kono, wis manganggo ganep lan wis waras,
satemah padha wedi. 16 Wong-wong kang
padha nyumurupi dhewe lelakon mau padha
nyritakake marang wong-wong kang padha
teka iku bab apa kang tumindak tumrap wong
kang kapanjingan dhemit lan bab babi-babi
mau. 17 Wong-wong mau banjur padha nyuwun
kalawan adreng marang Gusti Yesus, supaya
Panjenengane nilar wewengkone.

18 Nalika Gusti Yesus minggah ing prau, wong
kang maune kapanjingan dhemit nyuwun
kalilanana dherek satindake. 19 Nanging
Gusti Yesus ora marengake, pangandikane
marang wong mau: "Muliha menyang
omahmu, menyang ing omahe wong-wong ing
kampungmu lan critakna kabeh apa kang wis
katindakake dening Allah tumrap kowe lan
bab anggonmu diparingi sih kawelasan dening
Allah." 20 Wong mau iya banjur mangkat lan
wiwit martak-martakake ana ing wewengkon
Dekapolis apa kang wis ditindakake dening
Gusti Yesus tumrap dheweke; wong-wong
padha eram kabeh.

Gusti Yesus nangekake anake Yairus lan nyarasake wong wadon kang lara nggrajag getih

5:21-43

Mt 9:18-26 Lk 8:40-56

21 Sawise Gusti Yesus nyabrang maneh
kalawan nitih prau banjur akeh banget wong
kang padha nglumpuk ing ngarsane ana ing
pinggir sagara, 22 tumuli ana sawijining lurah
papan pangibadah, kang jeneng Yairus, sowan
in ngarsane. Bareng ndeleng Gusti Yesus
banjur sujud 23 lan nyuwun kanthi adreng,
ature: "Anak kawula estri saweg sakit meh
pejah, mila mugi Paduka karsaa ngrawuhi
lan numpangi asta, supados wilujen lan
lestantun gesang." 24 Gusti Yesus banjur tindak
bareng karo lurah mau. Wong akeh padha
ndherekake, padha suk-sukan ing sacedhake
Panjenengane.
25 Nalika samana ing kono ana wong wadon
kang lara nggrajag getih wis rolas taun. 26 Wis
bola-bali ditambani dhukun pirang-pirang,
nganti kabeh barang darbeke entek, nanging
ora bisa waras, malah kosokbaline, larane saya
banget. 27 Dheweke wis krungu pawarta bab
Gusti Yesus, mulane banjur ndhesel-ndhesel
ing satengahe wong akeh nyedhaki Gusti Yesus
saka ing buri lan ndemek jubahe. 28 Sabab
pamikire: "Angger aku bisa ndemek jubahe
bae, aku mesthi mari." 29 padha sanalika
anggone nggrajag getih mampet lan krasa

yen awake wis waras, larane wis mari. 30 ing
sanalika iku uga Gusti Yesus mangretos,
yen ana daya kang metu saka ing sarirane,
banjur mengo ana ing satengahe wong
akeh ikusarta ndangu, “Sapa sing ndemok
jubahku?” 31 Para sakabat padha munjuk:
“Paduka mirsa anggenipun tiyang-tiyang sami
suk-sukan ing sacelak Paduka, lah kok ndangu:
Sapa sing ndemok Aku?” 32 Panjenengane
banjur mirsani mubeng, karsa nguningani
sapa kang tumindak mangkono. 33 Wong
wadon mau sarehne nyumurupi apa kang
kalakon tumrap ing dheweke dadine banjur
wedi, mulane tumuli maju lan sujud ing
ngarsane Gusti Yesus sarta munjuk sablakane.
34 Pangandikane marang wong wadon iku, “He,
ngger, pangandelmu kang mitulungi kowe. Wis
mundura kanthi tentrem rahayu, lan lestraia
marine lelaramu iku.”
35 Nalika Gusti Yesus isih ngandika, ana wong
saka ing omahe lurah papan pangibadah mau,
kang teka lan matur: “Ingkang putra sampun
tilar, punapa prelunipun taksih ngribedi Sang
Guru?” 36 Nanging Gusti Yesus ora karsa maelu
marang pawarta mau, lan banjur ngandika
marang lurah papan pangibadah: “Aja wedi,
kumandela bae!” 37 Sawise mangkono ora
ana wong siji bae kang diparengake ndherek,
kajaba Petrus, Yakobus lan Yokanan, sadulure
Yakobus. 38 Bareng wis padha tekan ing omahe
lurah papan pangibadah, padha ndeleng
wong-wong kang pating jlerit, padha nangis
lan padha sesambat kanthi suwara sora.

39 Bareng Gusti Yesus lumebet banjur ngandika
marang wong-wong mau: “Yagene kowe padha
ribut lan nangis? Bocahe ora mati, lagi turu.”
40 Nanging wong-wong padha nggeguyu.
Kabeh wong banjur padha didhawuhi metu,
banjur nimbali bapa biyunge bocah mau
lan kang padha ndherek, sarta lumebet
ing kamare bocah mau. 41 Tangane bocah
nuli kaasta kalawan ngandika: “Talita kum,”
tegese: “He, ngger, kowe Dakkandhani,
tangia!” 42 Sanalika iku uga bocahe tangi,
ngadeg sarta lumaku, sabab umure wis rolas
taun. Kabeh wong kang ana ing kono padha
kaeraman. 43 Banjur padha diparingi piweling
wanti-wanti, aja nganti ana wong kang ngreti
bab iku, tumuli dhawuh menehi mangan bocah
mau.

Gusti Yesus ana ing Nasaret katampik

6:1-6

Mt 13:53-58 Lk 4:16-30

6 1 Sawise iku Gusti Yesus jengkar saka ing
kono lan tindak menyang ing kutha asale,
kadherekake dening para sakabate. 2 Bareng
dina Sabat Panjenengane wiwit memulang
ana ing papan pangibadah, sarta akeh banget
wong kang padha kumpulan, lan padha
kaeraman nalika ngrungokake, banjur padha
sapocapan: “Kabeh iku olehe saka ngendi? Lan
kawicaksanan apa kang kaparingake marang
Dheweke? Sarta mukjijat-mukjijat kang kaya
mangkono Dheweke kok bisa nganakake?

3 Apa iku dudu si tukang kayu, anake Maryam,
sadulure yakobus, Yoses, Yudas lan Simon?
Lan apa sadulur-sadulure wadon ora padha
manggon ing kene?” Banjur padha kacuwan
tumrap Panjenengane. 4 Tumuli Gusti Yesus
ngandika marang wong-wong mau: “Nabi
iku ana ing ngendi-endi diajeni, kajaba
ana ing panggonan asale lan ing antarane
kulawangsane sarta ana ing omahe dhewe.”
5 Mulane ana ing kono Panjenengane ora
bisa nindakake pangeram-eram babar pisan,
kajaba mung marasake wong lara sawatara
sarana katumpangan asta. 6 Panjenengane
ngungun ngraosake anggone wong-wong mau
ora padha pracaya, banjur tindak njajah desa
karo memulang.

Para rasul rolas kautus

6:7-13

Mt 10:5-15 Lk 9:1-6

7 Para sakabat rolas tumuli padha katimbalan
lan padha kautus ngloro-ngloro sarta padha
kaparingan panguwasa misesani para dhemit,
8 apamaneh padha kaweling, aja padha
nggawa apa-apa ana ing dalan, kajaba mung
teken, aja padha nggawa roti, aja ngawa tas,
dhuwit ing sabuk bae iya aja, 9 kena nganggo
trumpah, nanging aja nggawa klambi rangkep.
10 Sabanjure padha dipangandikani mangkene,
“Yen ana ing sawijining panggonan kowe wis
ditampani ana ing omah, kowe mondhoka
ana ing kono nganti kowe mangkat saka ing

kono. [11] Lan manawa sawijining panggonan
emoh nampani kowe lan wong-wong ing kono
ora padha gelem ngrungokake kowe, metua
saka ing kono, lebu ing sikilmu ketabna.
Iku minangka pepenget kanggo wong mau.”
[12] Rasul rolas banjur mangkat lan memulang,
supaya wong-wong padha mratobata [13] lan
akeh setan kang padha ditundhungi lan
akeh wong lara kang padha dilengani sarta
diwarasake.

Nabi Yokanan Pambaptis disedani

6:14-29

Mt 14:1-12 Lk 9:7-9

[14] Sang Prabu Herodhes iya midhanget bab
Gusti Yesus, sabab Asmane wis kondhang lan
wong-wong padha kandha: “Nabi Yokanan
Pambpatis wis wungu saka ing antarane
wong mati, mulane kadunungan kasekten
mangkono.” [15] Ana maneh kang ngucap:
“Iku Nabi Elia!” Liyane maneh kandha: “Iku
sawijining nabi kaya nabi-nabi sing uwis-uwis.”
[16] Nalika Sang Prabu Herodhes midhanget bab
iku, banjur ngandika: “Dudu, iku Yokanan,
kang wis daktugel gulune, saiki tangi maneh.”
[17] Amarga pancen Sang Prabu Herodhes
kang dhawuh nyepeng Nabi Yokanan
lan mbesta sarta banjur kalebokake ing
pakunjaran, marga saka anane lelakon bab
Sang Putri Herodhias, garwane Pangeran
Filipus sadhereke, kang kapundhut garwa
dening Sang Prabu Herodhes. [18] Sabab Nabi

Yokanan banjur matur marang Sang Prabu
Herodhes: “Boten kenging paduka mundhut
garwa garwanipun sadherek paduka!”
19 Mulane Sang Putri Herodhias ngincim-incim
marang Nabi Yokanan lan ngudi bisane nyedani
panjenengane, nanging ora bisa, 20 sabab Sang
Prabu Herodhes ering marang Nabi Yokanan,
amarga mirsa, yen Nabi Yokanan iku mursid
lan suci, mulane diayomi. Nanging manawa
midhangetake pangandikane Nabi Yokanan,
pangalihe banjur kaya diontang-antingake,
ewadene remen miyarsakake.
21 Wasana Sang Putri Herodhias oleh
wewengan yaiku nalika pinuju dina wiyosane
Sang Prabu Herodhes, Sang Nata nganakake
bujana kanggo para panggedhene, para opsir-
opsire lan para wong kang kajen keringan ing
tanah Galilea. 22 Ing nalika samana putrane
putri Sang Putri Herodhias lumebu lan beksa,
njalari sukaning panggalihe Sang Prabu
Herodhes lan para tamu-tamune. Sang Nata
banjur ngandika marang putri mau: “Kowe
nyuwuna marang aku sakarepmu, mesthi
bakal dakparingi!” 23 Malah banjur sumpah,
pangandikane: “Apa bae kang koksuwun,
bakal dakparingake, sanadyan saparoning
krajanku!” 24 Putri mau banjur mundur sarta
matur marang kang ibu: “Punapa ingkang
kula suwun?” Wangsulane kang ibu: “Sirahe
Yokanan Pambaptis.” 25 Putri mau banjur
enggal-enggal bali marek ing ngarsane Sang
Prabu lan munjuk: “Kawula nyuwun, supados
kaparingana sirahipun Yokanan Pambaptis

kawadhahan ing talam!” 26 Sang Nata banget
sungkawa panggalihe, nanging marga saka
supaose lan anane para tamu, panjenengane
ora karsa nduwa. 27 Sang Nata banjur utusan
prajurit tamtama nggawa mustakane Nabi
Yokanan. Kang kautus banjur mundur, lan
nigas Nabi Yokanan ana ing pakunjaran.
28 Sawise mangkono mustakane nuli kadekek
ing talam lan ditampakakake marang putri mau,
kang banjur dicaosake marang kang ibu.
29 Para sakabate Nabi Yokanan bareng krungu
bab iku, banjur padha teka ngukup layone lan
disarekakake ana ing pakuburan.

Gusti Yesus maringi mangan wong limang ewu

6:30-44

Mt 14:13-21 Lk 9:10-17 Yo 6:1-13

30 Sawise mangkono para rasul padha
nglumpuk ana ing ngarsane Gusti Yesus lan
padha matur apa kang wis padha ditindakake
kabeh lan kang diwulangake. 31 Banjur padha
dipangandikani: “Ayo padha menyang papan
kang sepi, supaya bisa ndhewe lan padha
ngaso sadhela.” Amarga pancen akeh banget
wong kang padha teka lunga, nganti mangan
bae padha ora kober. 32 Banjur padha mangkat
nunggang prau menyang ing panggonan
kang sepi, ndhewe. 33 nanging nalika padha
mangkat, akeh wong kang padha weruh lan
nyumurupi sedyane. Ora suwe banjur akeh
wong kang padha teka saka ing kutha-kutha

kabeh, kang padha lumaku dharat menyang
ing panggonan kono, ndhisiki tekane.
34 Nalika
Gusti Yesus ndharat, mirsa wong kang cacahe akeh banget iku, trenyuh panggalihe marga saka welase, jalaran padha katon kaya wedhus kang tanpa pangon. Panjenengane nuli wiwit memulang bab prakara akeh marang wong-wong mau.

35 Bareng wis wiwit peteng, para sakabat padha sowan ing ngarsane lan matur: “Panggenan punika sepi, mangka sampun wiwit peteng.
36 Tiyang-tiyang punika bok dipun dhawuhi mundur supados sami tumbas tetedhan dhateng ing dhusun-dhusun saha ing kampung-kampong ing sakiwa-tengenipun papan punika.”
37 Nanging paring wangsulane: “Kowe bae padha menehana mangan!” Unjuke para sakabat: “Dados kawula sami kadhawuhan kesah tumbas roti namung kalih atus dinar, lajeng kadhawuhan nyukani tedha dhateng tiyang-tiyang punika?”
38 Pangandikane Gusti Yesus: “Kowe duwe roti pira? Coba priksanen!” Sawise dititi-priksa, banjur padha munjuk: “Wonten roti gangsal, sarta ulam kalih.”
39 Banjur padha kadhawuhan nata wong-won mau, supaya padha linggih gegrombolan ana ing pasuketan.
40 Wong-wong banjur padha linggih gegrombolan, ana kang nyatus, ana kang nyeket.
41 Sawise Gusti Yesus mendhet roti lima lan iwak loro iku, banjur tumenga ing langit lan mberkahi, rotine tumuli dicuwil-cuwil diparingake marang para sakabat supaya didum-dumake marang

wong kabeh, mangkono uga iwake loro mau
iya didum-dumake nganti warata. 42 Wong
kabeh padha mangan nganti wareg. 43 Turahan
cuwil-cuwilan padha diklumpukake dadi rolas
wakul kebak, mangkono uga turahane iwak.
44 Anadene kang melu mangan roti iku cacahe
wong lanang limang ewu.

Gusti Yesus tindak napak ing sagara

6:45-52

Mt 14:22-33 Yo 6:16-21

45 Sawise iku Gusti Yesus banjur dhawuh
marang para sakabate, supaya enggal
nunggang prau ndhisiki nyabrang menyang
ing Betsaida; nalika samana wong akeh
padha kadhawuhan mulih. 46 Bareng wis
padha lunga kabeh, Gusti Yesus banjur
minggah ing gunung ndedonga. 47 Bareng
bengi prau mau wis tekan ing satengahing
sagara, dene Gusti Yesus ana in dharatan
piyambakan. 48 Bareng mirsa para sakabate
rekasa banget anggone ndhayungi praune,
marga katampek ing angin, kira-kira jam telu
bengi Panjenengane rawuh napak ing banyu
sagara, arep nglancangi wong-wong mau.
49 Nalika padha ndeleng Panjenengane tindak
ing banyu, padha ngira, yen iku memedi,
tumuli padha bengok-bengok, 50 sabab kabeh
padha weruh, temahan padha kumelap atine.
Nanging banjur enggal dipangandikani dening
Gusti Yesus: “Padha dienak atimu! Iki Aku, aja
wedi!” 51 Banjur minggah ing prau manggihi

para sakabate, angine tumuli mendha. Kabeh
padha gumun lan bingung, [52] awit sawise
lelakon bab roti, meksa durung ngreti, marga
saka wangkoting atine.

Gusti Yesus nyarasake wong-wong ing Genesaret kang padha lara

6:53-56

Mt 14:34-36

[53] Sawise padha nyabrang, banjur tekan
ing tanah Genesaret. Tumuli labuh ana ing
kono. [54] Sawise padha mentas saka ing prau,
wong-wong nalika iku uga padha ora pangling
marang Gusti Yesus. [55] Mulane banjur padha
enggal-enggal martakake bab iku marang
wewengkon ing kono kabeh, lan wong-wong
lara padha diusungi sapaturone disowanake
marang ing ngarsane Gusti Yesus, sanadyan
ana ing ngendi bae palerebane. [56] Menyanga
ngendi bae tindake, menyang ing desa-desa,
menyang ing kutha-kutha apa menyang
ing kampung-kampung, wong-wong padha
nyelehake wong lara ana ing pasar lan nyuwun
marang Panjenengane, supaya dililani ndemek
gombyoking jubahe bae. Dene kabeh kang
ndemek jubahe padha dadi waras.

Pepakoning Allah lan ila-ilane wong Yahudi

7:1-23

Mt 15:1-20

7 1 Nuju ing sawijining dina ana wong Farisi
sagrombolan lan ahli Toret sawatara
teka saka ing Yerusalem, padha sowan ing
ngarsane Gusti Yesus. 2 Wong-wong mau
padha nyumurupi sakabate Gusti Yesus
sawatara anggone mangan nganggo tangan
kang najis, yaiku ora wisuh dhisik. 3 Sabab
wong Farisi iku kayadene wong-wong Yahudi
liyane, sadurunge mangan, wisuh tangan
dhisik, amarga padha nggondheli adat
tata-carane para leluhure, 4 lan manawa
mulih saka pasar, sadurunge mangan iya
sesuci dhisik. Akeh ila-ila liyane maneh
kang ditetepi, kayata: bab ngisahi tuwung,
kendhi lan piranti-piranti tembaga. 5 Mulane
wong-wong Farisi lan para ahli Toret mau
banjur padha matur pitakon: "Punapaa dene
sakabat-sakabat Panjenengan sami boten
ngenut ila-ilaning para leluhur kita, dene
sami nedha mawi tangan najis?" 6 Paring
wangsulane: "Ceples temen pamecane Nabi
Yesaya ing ngatase kowe, heh, wong lamis!
Sabab wis katulisan:

Bangsa iki anggone ngluhurake Ingsun
kalawan lambe,
nanging atine ngedohi Ingsun.

7 TAnpa gawe anggone ngabekti marang
Ingsun,
dene kang diwulangake iku pepakoning
manungsa.
8 Pepakoning Allah koklirwakake, lan netepi
ila-ilaning manungsa.”
9 Panangadikane maneh mangkene: “Pinter
banget kowe nyingkirake pepakoning Allah,
supaya bisa netepi adat-tata-caramu dhewe.
10 marga ana dhawuhe Nabi Musa mangkene:
Sira ngajenana bapa-biyungira, lan sing sapa
ngipat-ipati bapa-biyunge kudu diukum pati.
11 Nanging kandhamu: Manawa ana wong kang
matur bapakne utawa biyunge: Gadhahan kula
ingkang kenging kangge ngrukti panjenengan,
sampun kangge kurban -- inggih punika
pisungsung kagem Gusti Allah, -- 12 ing kono
wong mau wis ora prelu nindakake apa-apa
kanggo bapakne utawa biyunge. 13 Dadi
pangandikaning Allah kokorakake, jalaran
kowe wis netepi ila-ila. Lan isih akeh bab liyane
kang kaya mangkono, kang koktindakake.”
14 Gusti Yesus banjur nimbali wong akeh
maneh lan padha dipangandikani: “Kabeh
padha ngrungokna lan padha pikiren sing
temenan. 15 Samubarang kang saka ing jaba
lumebu ing manunga, iku ora njalari najis,
nanging apa kang metu saka ing manungsa,
iku kang marakake najis. 16 [Sapa kang duwe
kuping kanggo ngrungokake, ngrungokna!”]
17 Sawise Panjenengane sumingkir saka ing
wong akeh mau lan lumebet ing sawijining
omah, para sakabate banjur nyuwun

katrangan bab tegese pasemon mau. [18] Nuli
padha dipangandikani: “Apa kowe iya ora
ngreti? Apa kowe ora ngreti, yen samubarang
kang saka ing jaba lumebu ing manungsa iku
ora bisa marakake najis, [19] amarga ora lumebu
ing sajroning ati, nanging lumebu ing weteng,
banjur kabuwang ing pakiwan?” Pangandika
iku mratelakake, yen sakabehe pangan
iku kalal. [20] Banjur nyambeti pangandika:
“Apa sing metu saka ing manungsa, iku
sing marakake najis, [21] sabab saka ing jero,
saka ing sajroning atine manungsa, thukul
sakabehing pikiran sing ala, kang lekoh,
kadurjanan, gawe pati, [22] laku bandrek,
srakah, piala, akal palsu, hawa-nepsu, meri,
panyatur ala, gumedhe, tanpa budi. [23] Sakehe
piala iki thukul saka ing jero lan marakake
najis marang manungsa.”

Wong wadon ing Siro-Fenisia kang pracaya

7:24-30

Mt 15:21-28

[24] Gusti Yesus banjur jengkar saka ing kono
lan tindak menyang ing tlatahe kutha Tirus.
Nuli lumebet ing sawijining omah lan ora karsa,
yen ngantia kasumurupan ing wong, nanging
rawuhe iku ora bisa kasidhem. [25] Amarga ing
nalika iku uga banjur ana wong wadon, kang
anake wadon kapanjingan dhemit, sawise
krungu bab Panjenengane, enggal-enggal
marek sumungkem ana ing ngarsane. [26] Wong

wadon iku bangsa Yunani, saka ing tanah
Siro-Fenisia. iku nyuwun marang Gusti Yesus,
karsaa nundhung setane saka ing anake.
27 Tumuli dipangandikani dening Gusti Yesus:
“Cikbene bocah-bocah padha wareg dhisik,
sabab dudu samesthine njupuk roti sing
disadhiyakake kanggo anak-anak, banjur
diuncalake marang kirik.” 28 Nanging unjuke
wong wadon mau: “Kasinggihan, Gusti,
nanging kirik inggih sami nedha kaceranipun
putra-putra ing ngandhap meja.” 29 Ing kono
Gusti Yesus banjur ngandika marang wong
wadon iku: “Marga saka tembungmu kang
mangkono iku, wis mundura, dhemite wis
metu saka ing anakmu.” 30 Wong wadon mau
tumuli mulih, anake ketemu turon ing amben,
dhemite wis lunga.

Gusti Yesus nyarasake wong budheg bisu

7:31-37

31 Sawise iku Gusti Yesus jengkar saka
wilayah Tirus lan tindak menyang sagara
Galilea, ing satengah tlatah Dekapolis,
nglangkungi Sidon. 32 Banjur ana wong kang
nyowanake wong budheg bisu lan nyuwun
supaya Gusti Yesus karsaa numpangi asta.
33 Wong mau nuli kapisahake saka wong akeh
dening Gusti Yesus, didhewekake. Kupinge
banjur dilebeti ing racikane, nuli kecoh lan
ndemok ilate wong mau. 34 Sawise mangkono
Gusti Yesus banjur tumenga ing langit lan
unjal ambegan, nuli ngandika marang wong

mau: "Efata!" tegese: mengaa! 35 Sanalika
kupinge padha kabuka, ilate kaudharan,
banjur bisa caturan teteh. 36 Wong-wong kang
ana ing kono padha kaweling dening Gusti
Yesus, supaya aja padha nyritakake lelakon
iku marang sapa bae. Nanging saya dilarang,
malah saya nemen anggone padha martakake.
37 Kabeh wong padha kaeraman banget lan
padha calathu: "Panjenengane iku ndadekake
becik samubarang kabeh, sing budheg dadi
bisa krungu, sing bisu bisa caturan."

Gusti maringi mangan wong patang ewu

8:1-10

Mt 15:32-39

8 1 Nalika samana ing kono uga ana wong
akeh maneh, kang akeh banget cacahe,
padha ora ana kang dipangan. Gusti yesus
banjur nimbali para sakabate lan ngandika:
2 "Atiku trenyuh banget marga saka welasKu
marang wong akeh iki. Wis telung dina
anggone padha ngetutake Aku, mangka saiki
ora ana kang dipangan. 3 lan manawa padha
Dakkon mulih, mangka padha luwe mangkono,
bakal padha ambrk ana ing dalan, sabab
ana kang adoh sangkane." 4 Para sakabate
padha munjuk: "Kadospundi anggenipun
saged angsal roti wonten panggenan ingkang
sepi makaten ingkang kangge nedhani
tiyang-tiyang punika ngantos tuwuk?" 5 Gusti
Yesus nuli ndangu: "Kowe duwe roti pira?"
Unjuke para sakabat: "Wonten pitu." 6 Wong

akeh mau banjur padha kadhawuhan linggih
ana ing lemah. Sawuse mangkono Gusti yesus
banjur mundhut roti pitu mau, lan sawise saos
sokur, nuli dicuwil-cuwil sarta diparingake
marang para sakabat supaya didum-dum
marang wong akeh mau lan iya banjur
diwaratakake. 7 Para sakabat iya nggawa iwak
sawatara, sawise diberkahi, banjur dhawuh
supaya didum-dumake uga. 8 Wong-wong
tumuli padha mangan nganti wareg. Turahane
cuwil-cuwilan banjur diklumpukake dadi
pitung wakul. 9 Anadene wong kang padha
mangan iku cacahe watara ana patang ewu.
Tumuli padha didhawuhi mulih. 10 Gusti Yesus
banjur engal-enggal nitih prau kanthi para
sakabate lan tindak menyang ing tlatahe tanah
Dalmanuta.

Wong-wong Farisi padha nyuwun pratandha

8:11-13

Mt 16:1-4

11 Para wong Farisi tumuli padha sowan lan
padha bebantahan karo Gusti Yesus. Wong-
wong iku padha nyoba marang Panjenengane
kanthi nyuwun supaya diparingana pratandha
saka ing swarga. 12 Sajroning panggalih Gusti
Yesus ngesah, banjur ngandika: “Yagene jinis
iki kok njaluk pratandha? Aku pitutur marang
kowe, satemene jinis iki babar pisan ora bakal
kaparingan pratandha.” 13 Wong-wong mau

tumuli padha ditilar minggah ing prau maneh
lan tindak menyang ing sabrang.

Bab ragine wong Farisi lan ragine Prabu Herodhes

8:14-21

Mt 16:5-12

14 Nalika samana para sakabat lali ora
sangu roti, mung ana roti siji ing prau kono.
15 Gusti Yesus banjur ngengetake marang
para sakabate, pangandikane: “Padha sing
awas, padha ngwekanana ragine wong Farisi
lan ragine Raja Herodhes.” 16 Para sakabat
banjur padha rerasanan: “Anggone ngandika
mangkono iku, marga aku padha ora nggawa
roti.” 17 Bareng Gusti Yesus mirsa rerasanane
iku, banjur ngandika: “Yagene kowe kok padha
rasanan bab anggonmu padha ora nggawa
roti? Apa kowe padha durung sumurup lan
durung mangreti? Apa atimu wis dableg?
18 Kowe wong duwe mripat apa ora ndeleng,
kowe duwe kuping apa ora krungu? Apa
kowe padha ora kelingan, 19 nalika aku
nyuwil-nyuwil roti kanggo wong limang ewu
kae, pirang wakul turahane cuwilan?” Ature
para sakabat: “Kalih welas wakul.” 20 “Lan
nalika roti pitu kanggo wong patang ewu,
anggonmu nglumpukake cuwilan pirang
wakul?” Atur wangsulane: “Pitung wakul.”
21 Banjur ngandika: “Apa kowe meksa durung
mangreti?”

Gusti Yesus nyarasake wong picak ing Betsaida

8:22-26

22 Gusti Yesus banjur rawuh ing Betsaida,
tumuli ana wong picak kasowanake ing
ngarsane, disuwunake supaya didemeka.
23 Gusti nuli ngasta tangane wong picak mau
lan dituntun menyang ing sajabane desa,
tumuli dkecohi mripate lan ditumpangi asta
sarta kadangu: "Apa kowe wis bisa ndeleng
apa-apa?" 24 Wong mau bajur tumenga
lan munjuk: "Kawula ningali tiyang sami
lumampah, namung sawanganipun kados
wit-witan." 25 Gusti Yesus numpangake astane
maneh ing mripate wong mau, temahan
bisa ndeleng temenan lan wis waras, wis
bisa ndeleng apa-apa kanthi cetha. 26 Banjur
kadhawuhan mulih lan dipangandikani: "Aja
mampir ing desa kono!"

Pangakune Petrus

8:27-30

Mt 16:13-20 Lk 9:18-21

27 Sawise iku Gusti Yesus banjur tindak
menyang ing desa-desa sakiwa-tengene kutha
Kaisarea Filipi kadherekake dening sakabate.
Ana ing dalan padha didangu, pangandikane:
"Wong-wong padha ngarani Aku iki sapa?"
28 Atur wangsulane: "Wonten ingkang mastani
Nabi Yokanan Pambaptis, wonten ugi ingkang

mastani Nabi Elia, sanesipun malih mastani
panunggilanipun para nabi.” 29 Gusti Yesus
banjur ndangu: “Lah yen kowe, Aku iki
kokarani sapa?” Petrus matur: “Paduka punika
Sang Kristus!” 30 Para sakabat banjur padha
diwanti-wanti, ora diparengake wara-wara bab
iku mau marang sapa bae.

Gusti Yesus wiwit paring sumurup bab bakal sangsara lan sedane.

Petrus kadukanan

8:31-33

Mt 16:21-23 Lk 9:22

31 Gusti Yesus tumuli wiwit mulang marang
para sakabate, yen Putraning manungsa iku
kudu nglampahi sangsara akeh, sarta ditampik
dening para pinituwa lan para pangareping
imam tuwin para ahli Toret, banjur disedani
lan sawise telung dina wungu maneh. 32 Bab
iki dipangandikakake kanthi ngeblak. Nanging
Petrus banjur nggered minggir Gusti Yesus
lan ngaturi pepenget Panjenengane. 33 Gusti
Yesus nuli minger lan kalawan mirsani para
sakabate, Petrus didukani: “Sumingkira, heh,
Iblis, sabab kowe ora mikir apa kang digalih
dening Gusti Allah, nanging apa kang dipikir
dening manungsa.”

Bab manggul salib

8:34--9:1

34 Gusti Yesus tumuli nimbali wong akeh karo
para sakabate sarta padha dipangandikani
mangkene: "Saben wong kang arep ngetut-
buri Aku, iku nyingkura marang awake dhewe,
ngangkata salibe lan melua Aku.
35 Amarga
sing sapa kumudu-kudu nylametake nyawane,
iku bakal kelangan nyawane, nanging sing
sapa kelangan nyawane marga saka Aku
lan marga saka Injil, iku bakal nylametake
nyawane.
36 Apa gunane wong oleh jagad iki
kabeh, nanging kelangan nyawane?
37 Awit
apa ta kang bisa diwenehake kanggo ngijoli
nyawane?
38 Sabab sing sapa isin marga saka
Aku lan marga saka tembung-tembungKu ana
ing ngarepe jinis kang ora setya lan dosa iki,
Putraning Manungsa iya bakal lingsem marga
saka wong iku, manawa besuk rawuh ngagem
kamulyane Ingkang Rama, ginarebeg ing para
malaekat suci."

9 1 Pangandikane maneh mangkene: "Aku
pitutur marang kowe, satemene wong
kang ana ing kene iki ana kang bakal ora mati,
sadurunge padha ndeleng rawuhe Kratoning
Allah kalawan panguwasa."

Gusti kamulyakake ana ing gunung

9:2-13

Mt 17:1-13 Lk 9:28-36

2 Sawise nem dina Gusti Yesus dhawuh
marang Petrus, Yakobus lan Yokanan supaya
ndherek bebarengan minggah ing gunung kang
dhuwur, prelu miyambak. Tumuli Gusti Yesus
santun rupa ana ing ngarepe para sakabat
mau. 3 Pangagemane katon putih memplak
sumorot. Ora ana wong ing donya iki kang bisa
mutihake sandhangan nganti kaya mangkono.
4 Para sakabat banjur padha dikatingali Nabi
Elia karo Nabi Musa, kang lagi padha imbal
pangandika kalawan Gusti Yesus. 5 Petrus
nuli matur marang Gusti Yesus: "Rabbi, iba
saenipun, bilih kawula sami wonten ing ngriki.
Prayoginipun kawula sami ngadegaken tarub
tiga, satunggal kagem Paduka, satunggal
kagem Nabi Musa, satunggalipun malih kagem
Nabi Elia." 6 Angone matur mangkono iku,
marga ora ngreti, apa kang kudu diaturake,
saka anggone padha banget wedine. 7 Banjur
ana mega teka ngayomi, lan saka ing sajroning
mega iku ana suwara kang kaprungu: "Iki
PutraningSun kang Sunkasihi, padha estokna
dhawuhe." 8 Dumadakan nalika padha nyawang
ing sakubenge kono, banjur wis ora ana kang
katingal maneh, kajaba mung Gusti Yesus
piyambak.

9 Nalika padha mudhun saka ing gunung,
Gusti Yesus paring piweling, aja ana kang

kandha-kandha marang sapa-sapaa bae bab
apa kang mentas padha dideleng mau, nganti
tumeka Putraning Manungsa wis wungu saka
ing antarane wong mati. 10 Para sakabat
padha nyathet pangandika mau karo padha
takon-tinakon bab tegese “wungu saka ing
antarane wong mati”. 11 Banjur padha matur
pitakon: “Punapaa dene para ahli Toret
kok mratelakaken, bilih Nabi Elia pinasthi
rawuh rumiyin?” 12 Paring wangsulane Gusti
Yesus: “Nabi Elia pancen bakal rawuh dhisik
prelu mbangun samubarang kabeh. Mung
bae, kapriye dene kok ana tulisan kang
mratelakake, yen Putraning Manungsa bakal
nandhang sangsara akeh sarta disawiyah-
wiyah? 13 Nanging Aku pitutur ing kowe: Nabi
Elia iku pancen wis rawuh, lan banjur digawe
sawenang-wenang, cocog karo apa kang wis
katulis tumrap panjenengane.”

Gusti Yesus nyarasake bocah kang kapanjingan dhemit

9:14-29

Mt 17:14-21 Lk 9:37-43

14 Bareng wis padha bali ing panggonane
para sakabat liyane, padha ndeleng wong akeh
padha ngrubung sakabat-sakabat mau lan
ahli Toret sawatara, kang padha diya-diniya
karo sakabat-sakabat iku. 15 Wong akeh iku
bareng weruh Gusti Yesus, padha gumun lan
banjur enggal-enggal padha methuk. 16 Gusti
Yesus nuli ndangu marang wong-wong mau:

“Kowe iku padha udur bab apa?”
17 Wong akeh
mau banjur ana siji kang matur: “Guru, anak kula kula sowanaken dhateng Panjenengan, jalaran kapanjingan dhemit ingkang damel bisunipun.
18 Saben-saben dhemit punika
nyandhak anak kula, lajeng dipun banting ing siti, cangkemipun lajeng muruh, untunipun kerot-kerot, badanipun dados kaken. Kula sampun nedha tulung dhateng para sakabat Panjenengan, supados nundhung dhemitipun, nanging sami boten saged.”
19 Gusti Yesus
banjur ngandika: “Heh, jinis kang ora duwe pangandel, nganti pira lawase anggonKu kudu tetunggalan karo kowe? Nganti pira lawase anggonKu kudu nyabari kowe? Bocahe prenekna!”

20 Bocahe banjur diaturake. Bareng roh
mau weruh Gusti Yesus, bocahe banjur dieweng-eweng, ditibakake ing lemah lan banjur gulung, cangkeme muruh.
21 Gusti
Yesus banjur ndangu marang bapakne bocah mau: “Wis pira lawase anggonne kataman mangkene iki?” Atur wangsulane: “Sampun wiwit alit mila.
22 Sarta asring dipun
dhawahaken ing latu utawi wonten ing toya, badhe dipun sirnakaken. Awit saking punika, manawi Panjenengan saged, karsaa paring piwelas dhateng kula.”
23 Paring wangsulane
Gusti Yesus: “Kandhamu: Manawi Panjenengan saged. ora ana barang kang mokal tumrap wong kang kumandel!”
24 Bapakne bocah mau
banjur matur sora: “Kula pitados, mugi karsaa paring pitulungan dhateng kula, ingkang boten

pitados punika!” [25] Bareng Gusti Yesus mirsa
wong akeh padha teka ngrubung, banjur
ndukani dhemite, pangandikane: “Heh, roh
kang marakake bisu lan budheg, dhawuhKu
marang kowe: Metua saka ing bocah iki lan
aja koksurupi maneh!” [26] Dhemite banjur
metu karo jerit-jerit, bocahe dieweng-eweng
sakatoge, nganti katon kaya bocah mati,
malah akeh wong kang alok: “Bocahe wis
mati.” [27] Gusti Yesus nuli ngasta tangane
bocah mau, diadegake, banjur ngadeg.
[28] Nalika Gusti Yesus wis lumebet ing
sawijining omah, lan mung kaadhep dening
para sakabate thok, para sakabat mau matur
pitakon, “Punapaa dene kawula sami boten
saged nundhung dhemit wau?” [29] Paring
wangsulane Gusti Yesus: “Jinis iki ora bisa
ditundhung kajaba mung sarana pandonga.”

Gusti Yesus paring sumurup kang kaping pindhone bab anggone bakal nandhang sangsara

9:30-32

Mt 17:22-23 Lk 9:43-45

[30] Tumuli padha mangkat saka ing kono,
nratas ing tanah Galilea, karsane Gusti Yesus
aja ana wong kang weruh, [31] amarga lagi
paring piwulang marang para sakabate,
pangandikane: “Putrane Manungsa bakal
kaulungake marang tangane wong, bakal
disedani, nanging sawise disedani, ing telung
dinane bakal wungu maneh.” [32] Para sakabat

padha ora ngreti marang pangandika mau,
nanging padha ora wani miterang.

Bab sapa kang dhuwur dhewe

9:33-37

Mt 18:1-5 Lk 9:46-48

33 Sawise mangkono banjur padha teka ing
kutha Kapernaum. Bareng wis ana ing dalem,
Gusti Yesus ndangu marang para sakabate:
“Apa sing padha kokrembung ana ing dalan
mau?” 34 Nanging kabeh padha meneng
bae, sabab nalika ana ing dalan mau padha
padudon bab sapa kang dhuwur dhewe ing
antarane para sakabat iku. 35 Gusti Yesus
banjur lenggah, sakabat rolas padha ditimbali
lan dipangandikani mangkene: “Sing sapa
kapengin dadi pangarep, iku dadia kang keri
dhewe lan dadia paladene wong kabeh.”
36 Gusti Yesus banjur mundhut bocah cilik,
diadegake ing tengah, nuli dirangkul sarta
ngandika marang para sakabat: 37 “Sing sapa
nampani bocah pepadhane iki atas jenengKu,
iku ateges Aku kang ditampani. lan sing sapa
nampani Aku, iku dudu Aku kang ditampaani,
nanging kang ngutus Aku.”

Kang ora nyulayani iku ngrojongi

9:38-41

Lk 9:49-50

38 Yokanan matur marang Gusti Yesus: “Guru,
kawula sami sumerep tiyang ingkang sanes

golongan kawula, nundhung setan atas asma
Paduka, lajeng kawula awisi, amargi sanes
golongan kawula sadadya.” 39 Nanging paring
wangsulane Gusti Yesus: “Aja kokpenging,
awit ora ana wong kang nindakake mukjijat
atas jenengKu, banjur ngala-ala Aku. 40 Sing
sapa ora nyulayani kita dadi ngrojongi kita.
41 Aku pitutur marang kowe: Satemene sing
sapa aweh ngombe marang kowe banyu
sacangkir, marga kowe iku pandherek Sang
Kristus, iku mesthi bakal tampa ganjaran.”

Bab sesandhungan

9:42-50

Mt 18:6-9 Lk 17:1-2

42 “Sing sapa dadi sandhungan tumrap
para cilik kang padha pracaya iki, iku
luwih becik manawa dikalungana watu
panggilingan lan dicemplungna ing sagara.
43 Sarta manawa tanganmu dadi sandhungan
tumrap kowe, kethoken, amarga luwih becik
kowe lumebu ing urip kalawan kuthung,
katimbang ganep tanganmu nanging dibuwang
menyang ing naraka, ing geni kang ora kena
disirep; 44 [kang singgate ora mati, lan ora
kasirep genine.] 45 Lan manawa sikilmu dadi
sandhungan tumrap kowe, kethoken, awit
luwih becik kowe lumebu ing urip kalawan
buntung, katimbang karo ganep sikilmu,
nanging kacemplungake ing naraka; 46 [kang
singgate oar mati, lan ora kasirep genine.]
47 Lan manawa mripatmu dadi sandhungan,

cuplaken, awit luwih becik kowe lumebu ing
Kratonin Allah kalawan pece, katimbang karo
ganep mripatmu, nanging kacemplungake ing
naraka, 48 kang singgate ora mati lan genine
ora kasirep.
49 Awit saben wong bakal dibumboni geni.
50 Uyah iku pancen gedhe paedahe, nanging
manawa ilang asine, kang kagawe mulihake
rasane apa?
Kowe padha tansah duwea uyah ana ing
batinmu lan padha tansah rukuna."

Bab pegatan

10:1-12

Mt 19:1-9

10 1 Gusti Yesus tumuli jengkar saka ing
kono tindak menyang ing tlatahe tanah
Yudea lan tlatahe sabrange bengawan Yarden.
Ana ing kono iya banjur akeh wong kan padha
kumrubut sowan ing ngarsane lan kaya adate
tumuli padha diparingi piwulang. 2 Banjur
ana wong Farisi kang padha sowan, sedyane
arep nyoba marang Gusti Yesus, unjuke:
"Punapa tiyang jaler dipun kengingaken megat
semahipun?" 3 nanging paring wangsulane:
"Dhawuhe nabi Musa marang kowe kapriye?"
4 Atur wangsulane wong-wong mau: "Nabi
Musa marengaken megat, nanging kedah
nyukani serat pegat." 5 Pangandikane Gusti
Yesus: "Iya marga saka wangkoting atimu iku,
mula Nabi Musa banjur macak pepakon iku
tumrap ing kowe. 6 Amarga wiwit dumadining

jagad Allah nitahake manungsa iku arupa
lanang lan wadon. [7] Mulane wong lanang
iku kudu ninggal bapa-biyunge lan rumaket
marang rabine, [8] sarta loro-lorone iku banjur
dadi daging siji, temah wis ora ana loro
maneh, nanging mung siji. [9] Kang iku apa
kang wis didadekake siji dening Allah iku, ora
kena dipisah dening manungsa.”
[10] Bareng wis padha ana ing omah, para
sakabat padha miterang bab iku maneh
marang Gusti Yesus. [11] Banjur padha
dipangandikani mangkene: “Sing sapa megat
bojone banjur rabi oleh wong wadon liyane,
iku dadi laku jina tumrap rabine mau. [12] Lan
manawa bojone mau ninggal sing lanang,
banjur omah-omah oleh wong lanang sejene,
iku iya laku jina.”

Gusti Yesus mbarkahi bocah-boah

10:13-16

Mt 19:13-15 Lk 18:15-17

[13] Sawise iku nuli ana wong kang padha
nyowanake bocah-bocah menyang ing
ngarsane Gusti Yesus, supaya padha diasta,
nanging padha disrengeni dening para
sakabat. [14] Bareng Gusti Yesus mirsa,
Panjenengane duka, sarta para sakabat
padha dipangandikani mangkene: “Cikben
bocah-bocah padha sowan marang Aku,
aja kokpenggak, amarga wong kang kaya
mangkono iku kang nduweni Kratoning Allah.
[15] Aku pitutur marang kowe: Satemene sing

sapa anggone nampani Kratoning Allah ora
kaya bocah cilik, iku ora bakal lumebu ing
kono.” 16 Bocah-bocah mau tumuli padha
dirangkuli sarta padha dibarkahi kalawan
katumpangan asta.

Wong sugih angel bisane lumebu ing Kratoning Allah

10:17-27

Mt 19:16-26 Lk 18:18-27

17 Nalika Gusti Yesus arep nglajengake
tindake, ana wong kang mlayu-mlayu sowan
ing ngarsane, banjur sujud lan matur pitakon:
“Dhuh, Guru ingkang utami, punapa ingkang
kedah kula lampahi, supados angsal gesang
langgeng?” 18 Paring wangsulane Gusti
Yesus: “Yagene kowe ngarani Aku utama?
Ora ana kang utama, kajaba mung siji:
Gusti Allah. 19 Kowe mesthine wis sumurup
pepakon: Sira aja memateni, aja laku jina, aja
nyenyolong, aja ngucapake paseksi goroh, aja
gawe pituna marang wong; sira ngajenana
bapa-biyungira!” 20 Wong mau banjur matur:
“Guru, sadaya punika sampun kula tetepi wiwit
alit mila.” 21 Gusti Yesus nuli mirsani wong mau
kanthi raos tresna, banjur ngandika: “Mung
kari saprakara kakuranganmu: Mundura,
barang darbekmu dolana kabeh, pepayone
wenehna marang wong-wong miskin, temahan
kowe bakal tampa bandha kaswargan, banjur
balia mrene, melua Aku!” 22 Bareng krungu
pangandika mangkono iku, wong mau gela

atine, banjur mundur kalawan sedhih, amarga
akeh barang darbeke.
23 Gusti Yesus banjur mirsani ngiwa nengen
marang para sakabate lan ngandika, “Pancen
angel banget tumraping wong sugih bisane
mlebu ing Kratoning Allah.” 24 Para sakabat
padha gumun ngrungokake pangandikane iku.
Nanging Gusti Yesus tumuli ngandika maneh:
“He, bocah-bocah, lumebu ing Kratoning Allah
iku pancen angel banget. 25 Luwih gampang
unta nalusup ing bolonganing dom katimbang
karo wong sugih bisane lumebu ing Kratoning
Allah.” 26 Para sakabat saya mundhak gumune,
banjur padha rerasanan: “Yen mangkono
sapa ta kang bisa tampa karahayon?” 27 Gusti
Yesus mirsani wong mau kabeh lan ngandika:
“Tumraping manungsa iku mokal, nanging ora
mangkono tumraping Allah. Amarga tumraping
Allah samubarang kabeh bisa kalakon.”

Ganjaran tumrap para pandhereke Gusti Yesus

10:28-31

Mt 19:27-30 Lk 18:28-30

28 Petrus tumuli matur marang Gusti Yesus:
“Lah kawula punika sampun sami nilar
samukawis sadaya lajeng sami ndherek
Paduka.” 29 Paring wangsulane Gusti Yesus:
“Aku pitutur marang kowe: Satemene saben
wong kang marga saka Aku lan marga saka
Injil ninggal omahe, sadulure lanang apa
wadon, ibune apa bapakne, anak-anake

utawa pategalane, [30] wong iku, saiki, ing wektu iki uga, bakal tampa sembulih tikel satus: omah, sadulur lanang, sadulur wadon, ibu, anak lan pategalan sanadyan kanthi panganiaya maneka warna, lan ing jaman besuk bakal tampa urip langgeng. [31] nanging para pangarep akeh kang bakal dadi pamburi, lan para pamburi bakal dadi pangarep.”

Gusti Yesus paring sumurup kang kaping telune bab anggone bakal nandhang sangsara

10:32-34

Mt 20:17-19 Lk 18:31-34

[32] Nalika samana lagi padha bebarengan munggah menyang ing Yerusalem, Gusti Yesus tindak ana ing ngarep. Para sakabat padha ngungun, sarta wong-wong kang ndherekake padha rumangsa wedi. Sakabat rolas nuli ditimbali maneh, banjur wiwit dipangandikani bab apa kang bakal kalakon tumrap ing sarirane, [33] pangandikane: “Saiki aku kabeh menyang Yerusalem lan Putraning Manungsa bakal kaulungake marang para pangareping imam lan para ahli Toret, banjur bakal kaukum pati lan bakal kaulungake marang bangsa-bangsa kang durung wanuh marang Allah, [34] lan bakal dipoyoki, diidoni, disapu sarta dipateni lan sawise telung dina bakal tangi.”

Panyuwune Yakobus lan Yokanan.

Ora ngereh, nanging ngladeni

10:35-45

Mt 20:20-28

35 Yakobus lan Yokanan, anak-anake
Zebedheus, padha nyedhaki Gusti Yesus lan
matur: “Guru, kawula sami nyuwun, mugi
Paduka karsaa ngabulaken panyuwunan
kawula.” 36 Paring wangsulane Gusti Yesus:
“Karepmu Dakkapakake?” 37 Unjuke: “Benjing
wonten ing kamulyan Paduka, keparenga
kawula linggih satunggal ing tengen, satunggal
wonten ing kiwa Paduka.” 38 Nanging Gusti
Yesus ngandika: “Kowe padha ora ngreti
apa kang padha koksuwun. Apa kowe bisa
ngombe ing tuwung kang bakal Dakunjuk
lan dibaptis kalawan baptis kang bakal
Daktampani?” 39 Atur wangsulane: “Inggih
saged.” Pangandikane Gusti Yesus: “Pancen,
kowe bakal padha ngombe ing tuwung, kang
bakal Dakunjuk, lan bakal dibaptis kalawan
baptis kang bakal Daktampani. 40 Nanging bab
linggih ing tengenKu lan ing kiwaKu iku Aku
ora wenang marengake. Iku bakal kaparingake
marang wong-wong kang wis cinadhang.”

41 Bareng sakabat kang sapuluh krungu kang
mangkono iku, padha nepsu marang Yakobus
lan Yokanan. 42 Nanging banjur padha ditimbali
Gusti Yesus sarta dipangandikani: “Kowe
padha ngreti, yen kang jeneng pamarentahing

bangsa-bangsa iku masesani rakyate, lan
para panggedhe padha kaampilan panguwasa
ngereh marang rakyat mau. 43 Nanging ana ing
antaramu ora mangkono. Sing sapa kapengin
dadi gedhe ana ing antaramu, iku dadia
paladenmu, 44 sarta sing sapa kapengin dadi
pangarep ana ing antaramu, iku dadia bature
wong akeh. 45 Amarga Putraning manungsa iku
rawuhe ora supaya diladeni, nanging sumedya
ngladosi lan masrahake nyawane minangka
panebuse wong akeh.”

Gusti Yesus nyarasake Bartimeus

10:46-52

Mt 20:29-34 Lk 18:35-43

46 Banjur padha tekan ing kutha Yerikho.
Nalika Gusti Yesus tindak miyos saka ing
Yerikho, kadherekake dening para sakabate lan
wong akeh gumrudug, ana wong ngemis wuta,
jenenge Bartimeus, anake Timeus, linggih
ndheprok ing pinggir dalan. 47 Bareng krungu,
yen iku Gusti Yesus saka ing Nasaret, banjur
wiwit nguwuh-uwuh, unjuke: “Dhuh, Gusti
Yesus, tedhakipun Sang Prabu Dawud, kawula
mugi Paduka welasi!” 48 Banjur disendhu
ing wong akeh, dikon meneng. Nanging
malah saya seru anggone nguwuh-uwuh:
“Dhuh, tedhakipun Sang Prabu Dawud,
kawula mugi Paduka welasi!” 49 Gusti Yesus
tindake tumuli kendel lan dhawuh: “Undangen
mrene!” Wong picak mau banjur diparani
wong akeh lan dikandhani: “Wis, sing tatag

atimu, ngadega, kowe ditimbali.” [50] Wong
ngemis mau banjur cucul jubahe, tumuli
ngadeg lan enggal-enggal sowan menyang
ing ngarsane Gusti Yesus. [51] Gusti Yesus
ndangu: “Karepmu Dakkapakake?” Wong picak
mau matur: “Rabbuni, mugi kawula sageda
ningali!” [52] Gusti Yesus banjur ngandika: “Wis,
mundura, pangandelmu kang mitulungi kowe!”
Padha sanalika wong picak mau bisa ndeleng,
banjur ndherekake tindake Gusti Yesus.

Gusti Yesus diarak rawuh ing Yerusalem

11:1-11

Mt 21:1-9 Lk 19:28-38 Yo 12:12-15

11 [1] Barang lakune wis cedhak Yerusalem,
cedhak ing desa Betfage lan Betania,
ing gunung Zaitun, Gusti Yesus tumuli ngutus
sakabat loro, [2] padha kaweling mangkene:
“Padha menyanga ing desa ngarepmu iku.
Yen kowe mengko wis mlebu ing kono,
kowe bakal mrangguli belo cancangan,
kang durung tau ditunggangi ing wong.
Iku uculana lan gawanen mrene. [3] Dene
manawa ana wong kang ngaruh-aruhi kowe:
Kadospundi panjenengan kok makaten, banjur
wangsulana: Punika kagem Gusti, mangke
enggal badhe dipun wangsulaken malih.”
[4] Kang kautus banjur mangkat, belone iya
katemu dicancang ana ing jaban lawang ing
pinggir dalan, nuli diuculi. [5] Wong sawatara
kang ana ing kono padha takon: “Punika
kadospundi, kok belonipun panjenengan

uculi?” 6 Iku iya diwangsuli kaya piwelinge
Gusti Yesus, temah wong-wong mau padha
meneng bae. 7 Belone banjur dituntun
menyang ing ngarsane Gusti Yesus, nuli
dilarabi ing jubahe, Gusti Yesus banjur
nitih. 8 Akeh wong kang padha njereng
jubahe ana ing dalan, ana maneh kang
nyebar pang-pang ijo anggone mbabadi ing
pategalan. 9 Wong-wong kang mlaku ana ing
ngarep lan kang mlaku ana ing buri padha
nguwuh-uwuh,

“Hosanna!
Binarkahana kang rawuh atas asmaning
Pangeran.
10 Binarkahana Kraton kang rawuh,
Kratone leluhur kita Sang Prabu Dawud,
hosanna ing ngaluhur!”

11 Bareng wis rawuh ing Yerusalem, Gusti
Yesus banjur lumebet ing Padaleman Suci,
mirsani samubarang kabeh kang ana ing
kono, nanging sarehne wis sore, banjur tindak
menyang Betania, kadherekake sakabate
rolas.

Gusti Yesus nyupaosi wit anjir

11:12-14

Mt 21:18-19

12 Esuke nalika padha mangkat saka ing
Betania, Gusti Yesus kerapan. 13 Bareng
mirsa ing kadohan ana wit anjir kang wis
ana godhonge, tumuli dipurugi, bokmanawa
bisa manggih apa-apa. Nanging sarawuhe

ing kono, ora manggih apa-apa kajaba mung
godhong, amarga pancen durung mangsa
woh anjir. 14 Ing kono Gusti Yesus banjur
ngandikani wit iku: “Aja nganti ana wong kang
mangan wohmu maneh ing salawas-lawase!”
Para sakabat padha krungu pangandikane iku.

Gusti Yesus nundhungi wong kang padha dol-tinuku ana ing Padaleman Suci

11:15-19

Mt 21:12-13 Lk 19:45-48 Yo 2:13-16

15 Lakune wis padha tekan ing Yerusalem,
Gusti Yesus bareng wis lumebet ing
Padaleman Suci, banjur tumandang nundhungi
wong-wong kang padha dol-tinuku ana ing
plataraning Padaleman Suci. Meja-meja
pareyalan lan bangku-bangkune wong adol
manuk dara padha digolingake 16 sarta ora
marengake wong nggawa barang-barang liwat
ing plataraning Padaleman Suci. 17 Wong-
wong banjur padha diparingi piwulang,
pangandikane: “Apa ora ana tulisan kang
muni: PadalemaningSun kasebut dalem
pamujan kanggo sakehing bangsa? Nanging
wis kokdadekake kedhung begal!” 18 Para
pangareping imam lan para ahli Toret padha
krungu lelakon iku, banjur mbudidaya bisane
nyedani Panjenengane, amarga padha wedi
marang Panjenengane, awit wong akeh padha
kaeraman kabeh ngrungokake piwulange.
19 Bareng wis sore Gusti Yesus jengkar saka
ing kutha kadherekake para sakabat.

Wit anjir kang wis mati

Piwulang bab ndedonga

11:20-26

Mt 21:20-22

20 Esuk uthuk-uthuk, nalika padha liwat ing
panggonane wit anjir mau, para sakabat
padha weruh, yen wite wis garing dalasan
oyod-oyode pisan. 21 Petrus banjur kelingan
apa kang wis kelakon, nuli matur marang
Gusti Yesus: “Rabbi, cobi kapirsanana, wit
anjir ingkang Paduka supaosi punika sampun
garing.” 22 Paring wangsulane Gusti Yesus:
“Padha kumandela marang Allah! 23 Aku
pitutur marang kowe: Satemene sing sapa
calathu marang gunung iki: Mumbula lan
nyegura ing sagara, uger sajroning batin ora
mangu-mangu, nanging pracaya yen apa
kang diucapake iku mesthi kalakon, mesthi
iya bakal kalakon. 24 Mulane Aku pitutur
marang kowe: Apa bae kang koksuwun
lan kokdongakake, padha ngandela yen
kowe wus kaparingan, dadi iku mesthi iya
bakal kaparingake marang kowe. 25 lan yen
kowe padha ngadeg ndedonga, mangka ana
panggresahmu marang wong ing sajroning
atimu, iku apuranen dhisik, supaya Ramamu
kang ana ing swarga iya ngapura sakabehing
kaluputanmu. 26 [Balik manawa kowe padha
ora ngapura, Ramamu kang ana ing swarga
iya bakal ora ngapura ing kaluputanmu.”]

Pitakon bab panguwaose Gusti Yesus

11:27-33

Mt 21:23-27 Lk 20:1-8

27 Kacarita lakune wis padha tekan ing
Yerusalem. Nalika Gusti Yesus lagi lumampah
ana ing plataraning Padaleman Suci, tumuli
ana pangareping imam, ahli-ahli Toret lan
pinituwa-pinituwa kang padha sowan ing
ngarsane 28 lan matur pitakon: “Panjenengan
nindakaken makaten-makaten punika
kanthi panguwaos ingkang pundi? Tuwin
sinten ingkang maringi panguwaos kangge
nindakaken punika sadaya?” 29 Paring
wangsulane Gusti Yesus: “Aku Daktakon
saprakara dhisik marang kowe kabeh. Iku
wangsulana dhisik, mengko Aku iya bakal
ngandhakake marang kowe, Aku nindakake
kabeh-kabeh iku kanthi panguwasa sing
endi. 30 Pambaptise Nabi Yokanan iku saka
ing swarga apa saka manungsa, mara
wangsulana.” 31 Wong-wong mau banjur
padha rembugan mangkene: “Upama aku
padha kandha: Saka ing swarga, mesthi
diwangsuli: Yen mangkono, yagene kowe
padha ora pracaya? 32 Nanging masa iya aku
bakal padha kandha: Saka manungsa!” Sabab
padha wedi marang wong akeh, awit kabeh
padha nganggep, yen Nabi Yokanan iku nabi
temenan. 33 Banjur padha matur marang
Gusti Yesus: “Kula sami boten sumerep.”
Pangandikane Gusti Yesus marang wong-wong

mau: “Yen mangkono, Aku iya ora kandha
marang kowe, Aku nindakake samubarang
kabeh iku kanthi panguwasa sing endi.”

Pasemon bab wong-wong kang nggarap kebon anggur kang duraka

12:1-12

Mt 21:33-46 Lk 20:9-19

12 [1] Gusti Yesus banjur wiwit ngandika
marang wong-wong mau kalawan
pasemon, “Ana wong gawe pakebonan anggur
lan dipageri mubeng. Nuli ndhudhuk jugangan
papan pameresan sarta ngadegake panggung
panjagan. Sawise mangkono pakebonan iku
disewakake marang wong-wong kang bakal
padha nggarap, banjur lelungan menyang
tanah ngamanca. [2] Bareng wus tumeka ing
mangsane, wong mau kongkonan batur
marani saperanganing pametune pakebonan
menyang wong sing padha nggarap. [3] Nanging
batur iku banjur dicekel dening wong-wong
mau lan digebugi banjur dikon bali nglenthung.
[4] Kang duwe pakebonan tumuli kongkonan
batur liyane. Wong iki dipenthungi nganti tatu
sirahe sarta diwirang-wirangake. [5] Banjur ana
batur siji maneh kang dikongkon, iki malah
dipateni. Lan isih akeh maneh liyane, ana kang
digebugi lan ana kang dipateni. [6] Saiki mung
kari siji, yaiku anake kang ditresnani. Wasana
iki iya dikongkon marang wong-wong mau,
pamikire: Anakku mesthine dieringi. [7] Nanging
wong-wong kang nggarap pakebonan mau

nuli padha rembugan mangkene: Lah iku
ahli warise, ayo padha dipateni bae, mengko
warisane banjur kita kang nduweni.
8 Mulane
iya banjur dicekel lan dipateni, nuli dibuwang
menyang ing sajabaning kebon anggur.
9 Saiki,
apa kang bakal ditindakake dening kang duwe
pakebonan anggur iku? Mesthi bakal teka
mrono, wong-wong kang nggarap bakal padha
ditumpes, kebone anggur nuli dipitayakake
marang wong sejene.
10 Apa kowe durung tau
maca nas iki:

Watu kang dibuwang dening para juru gawe omah
iku wis dadi watu kang baku ana ing pojok.
11 Iku pakaryaning Pangeran,
sawijining bab kang nggumunake ing pandeleng kita.”

12 Wong-wong mau banjur padha mbudi-daya
nyekel Gusti Yesus, amarga padha ngreti,
yen sing dikarepake dening pasemon mau
dheweke kabeh. Nanging padha wedi marang
wong akeh, mulane banjur padha mundur,
Panjenengane ditogake bae.

Bab caos pajeg marang Sang Nata Agung

12:13-17

Mt 22:15-22 Lk 20:20-26

13 Wong-wong mau banjur kongkonan wong
Farisi lan wong Herodhian sawatara sowan
ing ngarsane, sedyane arep nyengkolong
Panjenengane sarana pitakonan.
14 Kongkonan
mau padha ngadhep lan matur: “Guru, kula

sami sumerep, bilih Panjenengan punika jujur,
tuwin boten ajrih dhateng sinten kemawon,
amargi Panjenengan boten mawang tiyang,
nanging mulangaken bab margining Allah ing
saleresipun. Caos paos dhateng Sang Nata
Agung punika punapa dipun kengingaken?
Kula kedah nyaosi punapa boten?” 15 Nanging
Gusti Yesus mirsa marang lamise wong-wong
mau, banjur ngandika: “Yagene kowe padha
nyoba marang Aku? Aku jupukna dhuwit
dinar siji, arep Dakdeleng!” 16 Banjur dicaosi
siji. Panjenengane nuli ndangu: “Iki gambare
sapa lan iki tulisane sapa?” Atur wangsulane
wong-wong mau: “Gambar saha seratanipun
Sang Nata Agung.” 17 Pangandikane Gusti
Yesus maneh: “Mulane Sang Nata Agung
caosana kang dadi kagungane Sang Nata
Agung, lan marang Gusti Allah kang dadi
kagungane Gusti Allah.” Wong-wong mau
padha kaeraman marang Panjenengane.

Atur pitakone wong Saduki bab patangen

12:18-27

Mt 22:23-33 Lk 20:27-40

18 Tumuli ana wong Saduki sawatara kang
sowan ing ngarsane, yaiku kang duwe
panemu, yen patangen saka ing antarane
wong mati iku ora ana; iku padha matur
pitakon: 19 “Guru, nabi Musa sampun maringi
dhawuh dhateng kula sadaya: Manawi wonten
tiyang ingkang gadhah sadherek jaler tilar
donya, nilar semah boten tilar anak, punika

sadherekipun wau kedah ningkah ingkang
estri, supados saged gadhah turun kangge
sadherekipun ingkang tilar wau. [20] Kalampahan
wonten sadherek jaler pitu; ingkang kapisan
emah-emah, nanging tilar donya boten tilar
anak. [21] Ingkang estri lajeng dipun ningkah
dening sadherekipun ingkang angka kalih,
lan ugi tilar donya boten tilar anak. Makaten
ugi ingkang angka tiga. [22] Makaten ing
salajengipun, pitu-pitunipun sami boten tilar
anak. Wasana sapengkeripun sadaya punika,
tiyang estri wau inggih lajeng pejah. [23] Benjing
dinten patangen, manawi tiyang-tiyang wau
sami tangi, sinten ingkang dados semahipun
tiyang estri punika? Amargi pitu-pitunipun
sampun sami dados semahipun.” [24] Banjur
padha diparingi wangsulan: “Kowe iku padha
kesasar, iku amarga kowe ora padha ngreti
marang Kitab Suci lan marang panguwasane
Gusti Allah. [25] Awit manawa wong wis
tangi saka ing antarane wong mati, iku ora
omah-omah utawa ora diomah-omahake,
nanging uripe kaya malaekat ing swarga.
[26] Lan uga bab tangine wong mati, apa kowe
ora maca ing kitab Musa, bab grumbul eri,
anggone Gusti Allah ngandika marang Nabi
Musa: Ingsun iki Allahe Abraham, Allahe
Ishak, lan Allahe Yakub? [27] Panjenengane iku
dudu Allahe wong mati, nanging Allahe wong
urip. Kesasar banget kowe iku!”

Pepakon kang gedhe dhewe

12:28-34

Mt 22:34-40 Lk 10:25-28

[28] Banjur ana sawijining ahli Toret, kang
krungu anggone padha bebantahan lan ngreti,
manawa paring wangsulane Gusti Yesus
marang wong-wong mau wis prayoga, iku
nuli sowan ing ngarsane lan matur pitakon:
"Pepaken ingkang ageng piyambak punika
ingkang pundi?" [29] Paring wangsulane Gusti
Yesus: "Pepakon kang gedhe dhewe iku
mangkene: Rungokna, heh, wong Israel,
Pangeran Allah kita iku siji. [30] Sira tresnaa
marang Allahira kalawan gumolonging atinira,
lan kalawan gumolonging nyawanira, sarta
kalawan gumolonging budinira apadene
kalawan sakabehing kakuwatanira. [31] Dene
pepakon kang kapindho yaiku: Sira tresnaa
marang ing sapepadhanira kaya marang
awakira dhewe. Ora ana pepakon liyane kang
ngungkuli pepakon loro iku." [32] Ahli Toret mau
matur marang Gusti Yesus: "Kasinggihan,
Guru, pangandika Panjenengan punika leres,
bilih Gusti Allah punika namung satunggal,
boten wonten sanesipun kajawi punika.
[33] Pancen, tresna dhateng Gusti Allah kalayan
gumolonging manah, kalayan gumolonging
budi, saha kalayan sadaya kakiyatan, punapa
dene tresna dhateng sasami-sami kadosdene
punika dhateng badanipun piyambak, punika
langkung dening utami yen katimbang

kaliyan sadaya kurban obaran tuwin kurban
sembelehan.”
34 Gusti Yesus mirsa, yen wangsulane wong mau kanthi pambudi,
mulane banjur ngandika: “Kowe iku ora adoh
karo Kratoning Allah!” Sabanjure ora ana wong
kang wani matur apa-apa maneh marang
Gusti Yesus.

Gegayutane Gusti Yesus karo Sang Prabu Dawud

13:35-37

Mt 22:41-46 Lk 20:41-44

35 Ing sawijining dina, nalika pinuju paring
piwulang ana ing Padaleman Suci, Gusti Yesus
ngandika: “Kapriye dene para ahli Toret bisa
ngarani, yen Sang Kristus iku tedhake Sang
Nata Dawud?
36 Mangka Sang Prabu Dawud
piyambak marga saka katuntun dening Roh
Suci ngandika mangkene:

Dhawuhe Pangeran marang Gustiku:
Sira lenggaha ing tengeningSun,
nganti kabeh mungsuhira wus padha
Sunselehake ing sangisoring
tlapakanira.

37 Sang Prabu Dawud piyambak nyebat Gusti,
nanging kapriye dene dadi tedhake?” Anadene
akeh banget wong kang padha dhemen
ngrungokake pangandikane.

Gusti Yesus paring piwulang, supaya padha ngati-ati marang para ahli Toret

12:38-40

Mt 23:5-7 Lk 20:45-47

38 Ing sajroning piwulange iku Gusti Yesus
ngandika: "Sing padha ngati-ati marang para
ahli Toret, kang padha dhemen mlaku-mlaku
nganggo jubah dawa lan seneng diurmati ana
ing pasar-pasar,
39 kang padha dhemen linggih
ing ngarep dhewe ana ing papan pangibadah
lan ana ing pambujanan,
40 kang padha
nguntal omahe para randha, lan kekedhok
donga kang dawa. Wong-wong iku mesthi
bakal luwih abot paukumane."

Pisungsunge randha miskin

12:41-44

Lk 21:1-4

41 Nalika Gusti Yesus lenggah ing ngarep
pethi pisungsung, mirsani wong akeh anggone
padha nglebokake dhuwit ing pethi mau.
Wong kang sugih-sugih akeh kang padha
nyemplungake pisungsung akeh.
42 Banjur
ana sawijining randha miskin kang iya
nglebokake pisungsung, kehe rong igar,
yaiku sadhuwit.
43 Para sakabat banjur padha
ditimbali lan dipangandikani: "Aku pitutur
marang kowe: sanyatane pisungsunge randha
miskin iku luwih akeh katimbang sakabehing
wong kang padha nyemplungake dhuwit ing

pethi pisungsung, [44] amarga kabeh padha
misungsung saka ing kaluwihane, dene randha
iki nyaosake saka ing kakurangane, malah
kabeh kang dadi duweke, yaiku kabeh kang
minangka panguripane.”

KHOTBAH

BAB WEKASANING JAMAN

Bab rusake Padaleman Suci

13:1-2

Mt 24:1-2 Lk 21:5-6

13 [1] Nalika Gusti Yesus jengkar saka
ing Padaleman Suci, ana sawijining
sakabat kang matur: “Guru, cobi mirsanana
kekahipun sela-sela punika saha endahipun
yeyasan punika!” [2] Gusti Yesus banjur paring
wangsulan, pangandikane: “Kowe nyawang
yeyasan kang gedhe endah iki? Besuk bakal
ora ana watu kang lestari tumumpang ing
watu liyane, kabeh bakal padha dijugrugi.”

Wiwitane sangsara

13:3-13

Mt 24:3-14 Lk 21:7-19

[3] Bareng Gusti Yesus lenggah ing gunung
Zaitun adhep-adhepan karo Padaleman Suci,
Petrus, Yakobus, Yokanan lan Andreas matur
pitakon dhewekan marang Panjenengane:

4 “Paduka mugi karsaa paring sumerep,
benjing punapa kelampahanipun bab punika
saha punapa ingkang badhe dados alamatipun,
manawi sadaya punika wau sampun badhe
kelampahan?”
5 Gusti Yesus bajur wiwit ngandika: “Kowe
padha sing awas, aja nganti kowe disasarake
ing wong! 6 Bakal akeh wong kang padha teka
nganggo jenengKu lan calathu: Iya aku iki,
sarta bakal nasarake wong pirang-pirang. 7 Lan
manawa kowe padha krungu swaraning perang
utawa kabar-kabar perang, aja padha kaget,
sabab iku kabeh kudu kalakon, ewadene iku
isih durung pungkasane. 8 Awit bangsa bakal
merangi bangsa, karajan merangi karajan.
Bakal ana lindhu ing pirang-pirang panggonan,
apadene bakal ana pailan. Iku mau kabeh
mung dadi wiwitaning sangsara, ngarepake
jaman anyar.
9 Nanging kowe sing awas, sing ngati-ati!
Kowe bakal padha diladekake marang pradata
agama, lan kowe bakal padha digebugi ana
ing papan pangibadah sarta bakal disebakake
marang ngarsane para kang ngasta panguwasa
lan para raja marga saka Aku, minangka
paseksi ana ing ngarsane. 10 Nanging Injil
kudu diwartak-wartakake dhisik marang
sakabehing bangsa. 11 Dene manawa kowe
diirid diladekake, kowe aja sumelang ing bab
apa kang bakal dadi aturmu, nanging aturna
apa kang nalika iku diparingake marang kowe
amarga dudu kowe, kang calathu, nanging
Sang Roh Suci.

[12] Sadulur bakal ngulungake padha sadulur
marang paukuman pati, bapa ngulungake
anake sarta ana-anak bakal padha mbalela
marang wong-tuwane lan mateni wong-
tuwane. [13] Kowe bakal padha disengiti dening
wong marga saka asmaKu, nanging sing sapa
mantep nganti tumeka ing wekasan, iku bakal
rahayu."

Bab sangsara gedhe lan kristus-kristus palsu

13:14-23

Mt 24:15-28 Lk 21:20-24

[14] "Manawa kowe padha weruh pangrusak
kang ambek siya ngadeg ana ing papan
kang dudu samesthine -- sing padha maca
padha migatekna -- wong-wong kang ana ing
tanah Yudea padha ngungsia menyang ing
pagunungan. [15] Kang pinuju ana ing payon,
aja mudhun njupuk barang saka ing omahe
[16] lan wong kang lagi ana ing pategalan iya
aja mulih njupuk sandhangane. [17] Nanging
sangsara banget para ibu kang lagi ngandheg
utawa kang nusoni ing mangsa iku. [18] padha
ndedongaa, supaya kalakone iku kabeh aja
mbeneri mangsa padhidhing. [19] Amarga ing
nalika iku bakal ana kasangsaran kang ora
ana pepadhane wiwit dumadining donya, kang
katitahake dening Pangeran, nganti tumeka
ing saiki lan kang ing besuk iya bakal ora
kalakon maneh. [20] Lan saupama Pangeran ora
ngungkret wektune, ora ana kumelip kang

lestari slamet; nanging amarga saka para
pepilihan, kang wis kapilih dening Pangeran,
wektune kaungkret.
21 Ing nalika iku manawa ana wong kang
kandha marang kowe: Delengen, Sang
Kristus ana ing kene, utawa: Delengen, Sang
Kristus ana ing kana, aja kokandel. 22 Sabab
bakal ana kristus-kristus lan nabi-nabi
palsu kang jumedhul lan kang nganakake
pratandha-pratandha sarta mukjijat-mukjijat,
karepe, yen bisa arep nasarake para pepilihan.
23 Mulane sing padha ngati-ati! Sadurunge iku
kabeh wis Daktuturake marang kowe.”

Rawuhe Putraning Manungsa

Pasemon bab wit anjir

13:24-32

Mt 24:29-36 Lk 21:25-33

24 “Ananging ing wektu iku, sawise
kasangsaran mau kalakon, srengenge bakal
dadi peteng lan rembulan ora bakal samunar
25 sarta lintang-lintang bakal padha tiba saka
ing langit, apadene pikukuhing langit bakal
padha gonjing. 26 Ing nalika iku wong bakal
padha weruh Putraning Manungsa rawuh
nitih mega kalawan ngagem sakabehing
panguwasa lan kamulyane. 27 Ing wektu iku
uga para malaekate bakal kadhawuhan metu
nglumpukake para pepilihane saka ing keblat
papat, wiwit ing wekasaning bumi nganti tekan
ing wekasaning langit.

[28] Padha methika piwulang saka ing pasemon
bab wit anjir. Samangsa pangpange wiwit
memes lan semi, iku kowe padha ngreti, yen
wis meh mangsa panas. [29] Mangkono uga,
manawa kowe padha sumurup sakabehing
kadadean mau, padha ngretia, yen wis
cedhak, wis ana in ngarep lawang. [30] Aku
pitutur marang kowe: Sanyatane jinis iki
ora bakal sirna sadurunge iku mau kabeh
kalakon. [31] langit lan bumi bakal sirna, nanging
tembungKu ora bakal sirna.
[32] Nanging mungguh dinane lan wayahe, iku
ora ana wong kang sumurup, para malaekat
ing swarga ora ngreti, sarta Sang Putra iya
ora, kajaba mung Sang Rama."

Piwulang bab jumaga

13:33-37

[33] "Sing padha ngati-ati lan tansah padha
meleka! Sabab kowe ora padha sumurup ing
wektune. [34] Upamane kaya wong lelungan,
omahe ditinggal dipasrahake marang para
bature, kang siji-sijine padha diwenehi
kawajiban dhewe-dhewe sarta juru regol dikon
melek. [35] Mulane padha meleka, awit kowe
ora sumurup, kapan tekane kang duwe omah
mau, ngarepake bengi, apa tengah wengi,
utawa wayah jago kluruk, apa bangun esuk.
[36] iku supaya manawa dheweke teka, aja
nganti kowe tinemu lagi turu. [37] Apa kang
wis Dakpangandikakake marang kowe, iku

Dakwarahake marang sakabehing wong: Padha meleka!”

Ngrantam nyedani Gusti Yesus

14:1-2

Mt 26:1-5 Lk 22:1-2 Yo 11:45-53

14 [1] Kacarita kurang rong dina wis riyaya
Paskah lan riyaya Roti Tanpa Ragi. Para
pangareping imam lan para ahli Toret padha
golek dalan bisane nyekel lan nyedani Gusti
Yesus kalawan paekan [2] sabab tembunge:
“Aja ing wektu riyaya, supaya ora nggegerake
wong akeh.”

Gusti Yesus dhahar ana ing desa Betania sarta kajebadan dening Maryam

14:3-9

Mt 26:6-13 Yo 12:1-8

[3] Ing nalika Gusti Yesus ana ing desa Betania,
ana ing omahe Simon Budhug lan pinuju
dhahar, ana wong wadon kang marak karo
nggawa gendul watu isi lenga jebad nared
tulen, kang akeh ajine. Gendule nuli dipecah,
lengane banjur diesokake ing mustakane
Gusti Yesus. [4] Pratingkah mangkono iku
ndadekake muring-muringe sawenehing wong
lan padha rasanan: “Yagene lenga jebad iku
diebreh-ebreh mangkono? [5] Sabab saupama
diedola, mesthi payu luwih saka telung atus
dinar, kena didanakake marang wong miskin.”
Wong wadon mau banjur disrengeni. [6] Nanging

Gusti Yesus ngandika: “Nengna bae wong
iku. Yagene kowe padha gawe ribeding atine?
Wong iku nindakake panggawe becik marang
Aku. 7 Sabab wong miskin iku salawase ana
ing kowe, kowe bisa mitulungi sawanci-wanci,
nanging Aku ora bakal salawase ana ing
kowe. 8 Wong iku wus nindakake apa kang
bisa ditindakake. SariraKu wus dijebadi
minangka pacawisan tumrap anggonKu
bakal kasarekakake. 9 Aku pitutur marang
kowe: Satemene anaa ing ngendi bae Injil
kawartakake ing saindenging jagad iki, apa
kang ditindakake iku iya bakal kacaritakake
minangka pangeling-eling marang dheweke.”

Yudas arep ngloropake Gusti Yesus

14:10-11

10 Sawuse mangkono, Yudas Iskariot, kang
kagolong sakabat rolas, lunga nemoni para
pangareping imam arep ngulungake Gusti
Yesus. 11 Iku bareng krungu padha bungah
sarta janji bakal ngopahi dhuwit dheweke.
Yudas banjur golek dalan kang prayoga bisane
ngulungake Gusti Yesus.

Bujana Paskah kang wekasan

14:12-21

Mt 26:17-25 Lk 22:7-14, 21-23 Yo 13:21-30

12 Nalika dina kapisan ing riyaya Roti
Tanpa Ragi, yaiku dina panyembelehing
wedhus Paskah, para sakabate Gusti Yesus

padha matur: “Karsa Paduka, kawula sami
kadhawuhan cecawis Paskah kagem Paduka
wonten ing pundi?” 13 Gusti Yesus banjur
ngutus sakabat loro kalawan dipangandikani
mangkene: “Padha menyanga kutha; ana ing
kana kowe bakal kapethuk karo wong ngindhit
jun isi banyu. Iku etutna, 14 lan kandhaa
marang wong kang duwe omah, kang dileboni
wong mau: Piwelingipun Guru: Endi kamar
kang dicawisake, kang bakal Dakanggo dhahar
Paskah karo para sakabatKu? 15 Wong mau
banjur bakal nuduhake kamar kang jembar
ana ing loteng, kang wis katata miranti. Padha
nyawisna Paskah ana ing kono kanggo aku
kabeh!” 16 Karone banjur padha mangkat lan
satekane ing kutha, tinemune iya kaya kang
wis kapangandikakake dening Gusti Yesus.
Banjur padha nyawisake Paskah.
17 Bareng sore Gusti Yesus rawuh ing kono
kadherekake sakabate rolas. 18 nalika padha
linggih mangan, Gusti Yesus ngandika:
“Aku pitutur ing kowe: satemene ana
panunggalanmu siji kang bakal ngulungake
Aku, yaiku kang ndherek dhahar Aku.”
19 Kabeh banjur padha sedhih atine, lan
padha matur genti-genti: “Rak sanes kawula
ta, Gusti?” 20 Paring wangsulane: “Wong
iku salah sawijining panunggalamu rolas
iki, kang nyelupake roti ing pinggan karo
Aku. 21 Putraning Manungsa pancen bakal
jengkar ngetrepi apa kang wis katulis tumrap
Panjenengane, nanging bilai wong kang dadi

margane Putraning manungsa kaulungake.
Luwih becik, saupama wong iku ora lair."

Gusti Yesus netepake pranatan Bujana Suci

14:22-25

Mt 26:26-29 Lk 22:15-20 1Kr 11:23-25

22 Nalika padha mangan, Gusti Yesus banjur
mundhut roti, sawise dibarkahi tumuli dicuwil-
cuwil sarta diparingake marang para sakabat,
kalawan ngandika: "Padha tampanana, iki
sariraKu." 23 Sawise mangkono, Gusti Yesus
banjur mundhut tuwung, lan sawise saos
sokur tuwung nuli diparingake marang para
sakabat. Kabeh banjur padha ngombe saka ing
tuwung mau. 24 Pangandikane Gusti Yesus: "Iki
getihKu, getihing prajanjian, kang diwutahake
kanggo wong akeh. 25 Aku pitutur marang
kowe: Satemene Aku ora bakal ngombe
maneh saka pametune wit anggur, nganti
tumeka dinane Aku bakal ngombe kang anyar
ana ing Kratoning Allah."

Gusti Yesus paring sumurup bab anggone para sakabat bakal padha nyingkur Panjenengene.

Petrus bakal nyelaki Gusti

14:26-31

Mat 26:30-35 Lk 22:31-34 Yo 13:36-38

26 Sawise padha ngrepekakake kidung pamuji, banjur padha menyang ing gunung Zaitun.
27 Gusti Yesus nuli ngandika: "Kowe kabeh bakal padha kacuwan marga saka Aku. Sabab ana tulisan mangkene: Ingsun bakal nggebag juru pangon, sarta wedhus-wedhuse
bakal padha pating slebar.
28 Nanging sawise Aku katangekakake, Aku bakal ndhisiki kowe
menyang ing tanah Galilea."
29 Petrus banjur munjuk: "Sanadyan sadaya sami kacuwan,
kawula temtu boten."
30 Pangandikane Gusti Yesus: "Aku pitutur marang kowe: Satemene ing dina iki, ing bengi iki uga, sadurunge jago kluruk ping pindho, kowe bakal wis nyelaki Aku
kaping telu."
31 Nanging Petrus saya nemen anggone munjuk: "Sanadyan kawula ngantos pejah sesarengan kaliyan Paduka, kawula boten badhe nyelaki Paduka." Liya-liyane iya padha munjuk mangkono.

Ana ing taman Getsemani

14:32-42

Mt 26:36-46 Lk 22:39-46

32 Bareng padha tekan ing panggonan kang
aran Getsemane, Gusti Yesus ngandika marang
para sakabat: "Padha linggiha ana ing kene,
sajrone Aku ndedonga." 33 Petrus, Yakobus
lan Yokanan padha kadhawuhan ndherek.
Panjenengane kraos ajrih banget lan gumeter,
34 banjur ngandika marang sakabat-sakabat
mau: "Aku prihatin banget, rasane nganti
kaya arep mati. Kowe padha anaa ing
kene lan meleka." 35 Panjenengane banjur
mlampah sawatara tindak, nuli sumungkem
ing bumi sarta ndedonga, manawa pancen
diparengake, muga wektu iku sumingkira
saka ing Panjenengane. 36 Ature: "Dhuh Abba,
Rama, kagem Paduka boten wonten barang
ingkang mokal, mila mugi karsaa nyingkiraken
tuwung punika saking Kawula, nanging
sampun ngantos kajeng Kawula, namunga ing
sakarsa Paduka."

37 Sawise mangkono Panjenengane banjur
wangsul, katelune padha katemu turu. Nuli
ngandika marang Petrus: "Simon, kowe kok
turu? Apa kowe ora kuwat melek sajam bae?
38 Padha meleka lan ndedongaa, supaya kowe
ora tumiba ing pangodha; roh iku cumadhang,
nanging daging iku ringkih." 39 Banjur tindak
maneh lan ndedonga kaya sing dhisik mau.
40 Bareng wangsul, para sakabate lagi padha

turu, amarga mripate mbliyut sarta ora padha
ngreti kudu ngaturake wangsulan kapriye
marang Panjenengane.
41 Bareng wangsul kaping telune banjur
ngandika: “Saiki turua lan ngasoa. Wis samene
bae, iki wis wancine, delengen, Putraning
Manungsa diulungake marang tangane para
wong dosa. 42 Tangia, ayo padha lunga, sing
ngulungake Aku wis cedhak.”

Gusti Yesus dicepeng

14:43-52

Mt 26:47-56 Lk 22:47-53 Yo 18:1-11

43 Nalika Gusti Yesus isih ngandika, Yudas
kang dadi panunggalane sakabat rolas,
dumadakan teka bebarengan karo wong
sagrombolan kang padha asikep pedhang lan
penthung, yaiku utusane para pangareping
imam, ahli Toret lan para pinituwa. 44 Wong
kang ngulungake Panjenengane wis aweh
tandha marang wong-wong mau mangkene:
“Wong kang dakcucup, yaiku wonge, cekelen
lan dhabyangen sing kenceng.” 45 Bareng
wis tekan ing kono Yudas banjur marepeki
Gusti Yesus sarta matur: “Rabbi,” nuli nucup.
46 Wong-wong mau banjur padha ngebyuk
nyekel Gusti Yesus. 47 Salah sawijining wong
kang ana ing kono ngunus pedhange lan
banjur disabetake marang abdining Imam
Agung, temah perung kupinge. 48 Gusti yesus
ngandika marang wong-wong mau: “Apa
kokkira Aku iki begal, kok dadi kowe padha

mrene nyekel Aku kanthi asikep gegaman
pedhang lan penthung? [49] Mangka saben
dina Aku ana ing satengahmu, memulang
ana ing Padaleman suci; Aku ora kokcekel.
Nanging surasaning Kitab Suci pancen kudu
kayektenan."
[50] Para sakabat banjur padha lumayu, ninggal
Panjenengane.
[51] Nalika samana ana wong nom-noman
ndherekake Gusti Yesus, kang mung kemul
lawon, iku iya arep dicekel, [52] nanging tumuli
ninggal lawone, lumayu wuda.

Gusti Yesus ana ing ngarepe pradata Yahudi

14:53-65

Mt 26:57-68 Lk 22:54-55, 63-71 Yo 18:12-14, 19-24

[53] Gusti Yesus banjur kadhabyang menyang
ing daleme Imam Agung. Para pangareping
imam, pinituwa lan ahli Toret padha nglumpuk
ana ing kono. [54] Kacrita Petrus ngodhol marang
Gusti Yesus nganti tekan ing plataraning Imam
Agung, banjur linggih awor para abdi, karo
api-api.
[55] Para pangareping imam, malah sapepake
pradata, padha golek paseksen kang kanggo
nggugat Gusti Yesus, supaya bisa dipatrapi
paukuman pati, nanging ora oleh. [56] Akeh
wong kang padha ngaturake paseksen palsu,
nanging siji lan sijine ora bisa gathuk. [57] Banjur
ana wong sawatara kang ngaturake paseksen
rerekan, nglawan Gusti Yesus kalawan

pandakwa mangkene: 58 “Kula sampun sami
mireng tiyang punika wicanten makaten:
Padaleman Suci gaweaning manungsa iki arep
Dakrubuhake, lan sajroning telung dina aku
bakal ngadegake liyane, kang dudu gaweaning
manungsa.” 59 Paseksen iki uga cengkah karo
paseksen liyane.
60 Imam Agung banjur jumeneng ana ing
satengahing parepatan nuli ndangu marang
Gusti Yesus: “Apa Kowe ora mangsuli apa-apa
tumrap pandakwaning seksi-seksi marang
Kowe iku?” 61 Nanging Gusti Yesus kendel
bae, ora maringi wangsulan apa-apa. Imam
Agung ndangu maneh marang Panjenengane:
“Apa Kowe Sang Kristus, Putraning Kang
Mahapinuji?” 62 Paring wangsulane Gusti
Yesus: “Iya Aku iki Panjenengane, lan
kowe kabeh bakal padha ndeleng Putraning
Manungsa lenggah ing satengene Kang
Mahakuwasa lan rawuh nitih meganing
langit.” 63 Imam Agung banjur nyuwek-nyuwek
pangagemane lan ngandika: “Apa prelune isih
nganggo seksi maneh? 64 Panjenengan sadaya
sampun mireng anggenipun nyenyamah Gusti
Allah, kadospundi panimbang panjenengan?”
Wong-wong kabeh padha sarujuk, yen
Panjenengane kudu diukum pati. 65 Banjur
ana wong sawatara kang wiwit ngidoni
Panjenengane, nutupi pasuryane lan ngantemi
karo kandha: “Heh, Nabi, coba mecaa!”
Dalasan para abdi iya padha napuki.

Petrus nyelaki Gusti Yesus

14:66-72

Mt 26:69-75 Lk 22:56-62 Yo 18:15-18, 25-27

66 Nalika iku Petrus isih ana ngisor, ana ing
plataran. Banjur ana wong wadon, abdine
Imam Agung, kan teka, 67 lan bareng weruh
Petrus api-api, ditamatake raine, banjur
alok: “Sampeyan niku enggih melu Yesus,
tiyang Nasaret niku.” 68 Nanging Petrus selak,
wangsulane: “Kula boten ngreti sing mang
karepake niku.” Petrus banjur menyang
ing pandhapa. 69 Bareng wong wadon mau
weruh Petrus maneh, banjur kandha-kandha
marang wong-wong kang ana ing kono:
“Tiyang niki enggih tunggale nika.” 70 Nanging
Petrus selak maneh. Ora let suwe wong-wong
kang ana ing kono padha calathu marang
Petrus: “Sampeyan niku genah tunggale,
napa malih sampeyan tiyang Galilea!” 71 Ing
kono Petrus banjur wiwit nyupatani lan
sumpah: “Kula boten wanuh kalih tiyang sing
mang kandhakake niku!” 72 Nalika iku jago
tumuli kluruk kaping pindhone. Petrus banjur
kelingan marang pangandikane Gusti Yesus
marang dheweke: “Sadurunge jago kluruk
ping pindho, kowe wis nyelaki Aku kaping
telu.” Banjur nangis senggruk-senggruk.

Gusti Yesus ana ing ngarsane Sang Pilatus

15:1-15

Mt 27:1-2, 11-26 Lk 23:1-5, 13-25 Yo 18:28--19:16

15 1 Bareng wayah bangun esuk para
pangarepe imam, karo para pinituwa lan
para ahli Toret sarta kabeh warganing Pradata
Agama wis padha gilig rembuge. Gusti Yesus
banjur kabesta lan didhabyang diladekake
marang ngarsane Sang Pilatus. 2 Sang Pilatus
nuli ndangu marang panjenengane: “Punapa
Panjenengan ratunipun tiyang Yahudi?” Gusti
Yesus mangsuli, pangandikane: “Panjenengan
piyambak ingkang ngandika makaten.” 3 Para
pangarepe imam banjur padha ngaturake
panggugat pirang-pirang prakara tumrap Gusti
Yesus. 4 Sang Pilatus ndangu maneh marang
Panjenengane, pangandikane: “Punapa
Panjenengan boten mangsuli punapa-punapa?
Mangka kathah sanget pandakwanipun
tiyang-tiyang punika dhateng Panjenengan.”
5 Nanging Gusti Yesus ora mangsuli apa-apa
maneh, temah Sang Pilatus eram.
6 Wis dadi adat kalumrahan saben dina gedhe
Sang Pilatus ngluwari wong ukuman siji,
sing dikarepake dening wong akeh. 7 Nalika
samana ana wong sing jenenge Barabas, sing
lagi diukum bebarengan karo pambrontak
liyane sawatara, kang sajrone ngraman mau
wis mateni wong. 8 Nalika samana banjur ana
wong akeh kang padha teka lan nyuwun,
supaya adat kalumrahan mau dilestarekake.

9 Sang Pilatus mangsuli lan ndangu: “Apa
karepmu supaya aku ngluwari ratune wong
Yahudi iki?” 10 Jalaran pancen mirsa, yen para
pangarepe imam anggone ngulungake Gusti
Yesus iku marga saka drengkine. 11 Nanging
para pangarepe imam mau padha nojok-ojoki
wong akeh supaya nyuwun luware Barabas.
12 Sang Pilatus banjur mangsuli maneh lan
ndangu marang wong-wong mau: “Yen
mangkono, wong kang kokarani ratune wong
Yahudi iku dakkapakake?” 13 Wong-wong
nuli padha nguwuh-uwuh maneh: “Kasaliba
kemawon!” 14 Sang Pilatus nuli ngandika:
“Dosane apa ta?” Nanging wong-wong
saya seru anggone padha nguwuh-uwuh:
“Kasaliba!” 15 Sarehne Sang Pilatus karsa
damel mareming atine wong akeh, mulane
Barabas banjur diluwari, dene Gusti Yesus
banjur disapu lan sawise mangkono nuli
dipasrahake supaya disalib.

Gusti Yesus kagawe sawenang-wenang

15:16-20a

Mt 27:27-31 Yo 19:2-3

16 Gusti Yesus banjur kadhabyang dening
para prajurit menyang ing plataran jero, ing
gedhong pangadilan, sarta banjur padha
ngundang kanca-kancane sagolongan kabeh.
17 Gusti Yesus nuli diagemi jubah wungu.
Wong-wong mau banjur nganam makutha
eri diagemake ing mustakane. 18 Sawise
mangkono banjur padha wiwit ngurmati

Panjenengane, pangucape: “Ngaturaken
salam, dhuh ratunipun tiyang Yahudi.”
19 Mustakane banjur dipenthungi nganggo
glagah, diidoni lan disembah karo jengkeng.
20 Sawise disawenang-wenang mangkono iku,
agemane jubah wungu dicopot lan disantuni
pangagemane piyambak.

Gusti Yesus kasalib

15:20b-32

Mt 27:32-44 Lk 23:26, 33-43 Yo 19:17-24

(15-20b) Sawise mangkono Gusti Yesus
banjur kadhabyang metu arep disalib. 21 Nalika
samana ana wong liwat jenenge Simon, wong
Kirene, bapakne Aleksander lan Rufus, lagi
bali saka ing pategalan. Iku dipeksa dikon
manggul salibe Gusti Yesus.
22 Gusti Yesus banjur diirid menyang
pangonan kang aran Golgota, tegese:
pacumplungan. 23 Tumuli dicaosi ngunjuk
anggur kang dicampuri mur, nanging ora karsa.
24 Gusti Yesus banjur disalib, pangagemane
nuli diedum-edum sarana diundhi, supaya
kasumurupana pandumane dhewe-dhewe.
25 Nalika Gusti yesus kasalib iku mbeneri
wayah jam sanga. 26 Ing sadhuwure ana
tulisan, kang mratelakake apa sababe kaukum,
unine: “Ratune wong Yahudi.”
27 Ana begal loro kang disalib bebarengan
karo Gusti Yesus, kang siji ana ing tengen,
sijine ana ing kiwane Panjenengane.

[28] [Iya iku kayektenane tulisan kang
mangkene: “Panjenengane kaetang awor
kalawan wong durjana.”]
[29] Wong-wong kang padha liwat ing kono,
padha ngala-ala Panjenengane, padha
calathu kambi gedheg-gedheg, “Heh, Kowe
sing arep ngrubuhake Padaleman Suci lan
arep mbangun maneh sajrone telung dina,
[30] mudhuna saka ing salib, luwarana awakMu!”
[31] Mangkono uga para pangarepe imam karo
para ahli Toret, iya padha moyoki lan padha
sapocapan mangkene: “Wong liya padha
ditulungi, nanging nulungi awake dhewe
ora bisa! [32] Sang Kristus, ratune Israel iku
cikben mudhun saka ing salib, supaya aku
bisa ndeleng lan pracaya.” Dalasan wong loro
kang kasalib bareng karo Panjenengane iku
iya memada marang Panjenengane.

Gusti Yesus seda

15:33-41

Mt 27:45-56 Lk 23:44-49 Yo 19:28-30

[33] Bareng jam rolas ana pagowong kang
nglimputi satanah kabeh nganti jam telu.
[34] Lan ing wayah jam telu iku mau Gusti
Yesus nguwuh kalawan swara sora: “Eloi, Eloi,
lama sabakhtani?” Iku tegese: “Dhuh, Allah
Kawula, Allah Kawula, punapaa Kawula Paduka
tegakaken?” [35] Ana wong sawatara kang
padha ngadeg ing kono, bareng krungu kang
mangkono mau, padha ngucap: “Rungokna,
Dheweke ngundang Nabi Elia.” [36] Banjur

ana wong kang enggal-enggal teka nggawa
jamur karang, dicelupake ing anggur kecut,
dislundepake ing glagah, tumuli dicaosake
marang Gusti Yesus supaya diunjuk, sarta
ngucap mangkene, “Iya, coba padha dienteni
lan dideleng, Nabi Elia apa rawuh ngudhunake
Dheweke.” 37 Gusti Yesus banjur nyuwara
sora lan masrahake nyawane. 38 Nalika iku
gubahe Padaleman Suci banjur suwek dadi
loro, wiwit ing dhuwur tumeka ing ngisor.
39 Panggedhene prajurit, kang ngadeg ana
ing ngarsane Gusti Yesus, bareng nyumurupi
anggone seda mangkono iku, banjur ngucap:
“Sanyata, wong iku Putraning Allah.”
40 Uga ana wong wadon sawatara kang padha
nyawang saka ing kadohan, panunggalane
kayata Maryam Magdalena, Maryam ibune
Yakobus Anom lan Yoses, sarta Salome. 41 Iku
kabeh wis ndherekake tindake Gusti Yesus lan
ngladosi ing kabetahane nalika ana ing tanah
Galilea. Lan ing kono iya isih ana wong wadon
liyane kang akeh cacahe, kang padha teka ing
Yerusalem bebarengan karo Gusti Yesus.

Gusti Yesus kasarekake

15:42-47

Mt 27:57-61 Lk 23:50-56 Yo 19:38-42

42 Nalika samana wayahe wis sore, lan iku
dina pacawisan, yaiku dina ngarepake Sabat.
43 Mulane Yusuf, wong Arimatea, warganing
Pradata Agung kang kajen keringan, kang
uga nganti-anti marang Kratoning Allah,

banjur nekad sowan ngadhep marang ing
ngarsane Sang Pilatus nyuwun layone Gusti
Yesus. [44] Sang Pilatus eram, dene Gusti Yesus
wis seda. Banjur nimbali panggedhening
prajurit lan ndangu, apa Gusti Yesus wis seda.
[45] Sawuse midhangetake paturane panggedhe
prajurit mau,banjur maringake layone marang
Yusuf. [46] Yusuf nuli tuku mori alus, layone
Gusti Yesus banjur diudhunake, sarta diulesi
mori mau. Sawise mangkono layon nuli
disarekake ing kubur tatahan ing parang.
Lawangane kubur banjur ditutupi watu kang
diglundhungake mrono. [47] Maryam Magdalena
lan Maryam ibune Yoses padha weruh prenahe
sumarene Gusti Yesus.

Wungune Gusti Yesus

16:1-8

Mt 28:1-10 Lk 24:1-12 Yo 20:1-10

16 [1] Bareng dina Sabat wis kliwat, Maryam
Magdalena lan Maryam ibune Yakobus
apadene Salome padha tuku anggi-anggi,
banjur arep menyang pasarean njebadi
Gusti Yesus. [2] Wayah esuk uthuk-uthuk
ing dina kapisan ing minggu iku, mbarengi
pletheking srengenge, wong wadon mau
padha teka ing pasarean. [3] Banjur padha
sapocapan mangkene: "Sapa sing bakal
nulungi ngglundhungake watune saka ing
lawangane pasarean?" [4] Nanging bareng padha
ndeleng saka ing cedhakan, banjur katon, yen
watune sing pancen gedhe temenan iku, wus

gumlimpang. 5 Nuli padha lumebu in pasarean
lan padha weruh priya nom-noman lenggah ing
sisih tengen, ngagem jubah putih, temahan
padha kaget. 6 Nanging priya nom-noman iku
banjur ngandika marang para wong wadon
mau: “Aja padha wedi! Kowe padha nggoleki
Gusti Yesus saka ing Nasaret, kang wis
kasalib, Panjenengane wis wungu. Ora ana in
kene. Padha delengen! Iki panggonan kang
kanggo nyarekake Panjenengane. 7 Nanging
saiki padha lungaa, para sakabate lan Petrus
kandhanana: Panjenengane ngrumiyini kowe
kabeh menyang ing tanah Galilea. Ana ing
kana kowe bakal padha ndeleng Panjenengane,
kaya kang wis dipangandikakake marang
kowe kabeh.” 8 Wong-wong wadon mau banjur
metu padha mlayu saka ing pasarean, amarga
padha kataman giris lan gumeter, dadi ora
tutur apa-apa marang sapa-sapa, marga saka
wedine.

Kanthi ringkes kabeh piwelinge malaekat mau wis ditekakake marang Petrus lan kanca-kancane. Sawise iku Gusti Yesus piyambak lumantar para sakabate martakake kabar kang suci lan kang ora bakal kena kasirnakake, yaiku bab karahayon kang langgeng iku wiwit saka ing wetan nganti tekan ing kulon.

Gusti Yesus ngatingal bola-bali lan ngutus para sakabate

16:9-18

9 Bareng Gusti Yesus wus wungu ing dina
kapisan ing minggu iku, Panjenengane banjur
ngatingal marang Maryam Magdalena, yaiku
kang biyen kapanjingan dhemit pitu, nanging
wis padha ditundhungi dening Gusti Yesus.
10 Wong wadon mau nuli lunga aweh pawarta
bab iku mau marang kabeh wong, kang biyen
tansah ndherek Gusti Yesus, lan kang ing
wektu iku pinuju padha susah lan nangis.
11 nanging bareng padha krungu, yen Gusti
Yesus gesang lan wis dideleng Maryam, padha
ora ngandel.
12 Sawise iku, Panjenengane ngatingal
kalawan ngagem rupi seje marang wong loro
panunggalane, nalika karone padha lumaku
menyang ing jaban kutha. 13 Wong loro mau
banjur bali padha aweh pawarta bab iku
marang kanca-kanca liyane, nanging iya
padha ora ngandel.
14 Sawuse mangkono Gusti Yesus ngatingal
marang sakabat sawelas, nalika lagi padha
mangan, sarta banjur padha ditutuh bab
cupeting pangandele lan dableging atine, dene
kok padha ora ngandel marang critane wong-
wong kang wis padha ndeleng Panjenengane
sawuse wungu. 15 Banjur ngandika marang
para sakabat mau: "Padha njlajahana jagad
iki kabeh, Injil wartakna marang sakabehing

tumitah. [16] Sapa kang pracaya lan kabaptis,
bakal rahayu, nanging sing sapa ora pracaya,
bakal kaukum. [17] Wong kang pracaya iku bakal
padha kinanthenan pratandha mangkene:
Marga saka sawabe AsmaKu baka padha
bisa nundhungi dhemit, bakal padha calathu
nganggo basa-basa anyar. [18] Bakal padha
nyekel ula, lan sanadyan ngombe racun kang
mateni, ora bakal ndadekake cilakane. Wong
lara kang ditumpangi tangane bakal waras.”

Gusti Yesus mekrad

16:19-20

[19] Sawise ngandika mangkono marang para
sakabat, Gusti Yesus banjur kasengkakake
menyang ing swarga lan lenggah in satengene
Gusti Allah. [20] Dene para sakabat mau iya
banjur padha ngabarake Injil menyang ing
ngendi-endi, sarta Gusti paring pambiyantu,
sumebaring pangandika kinanthenan paseksen
pratandha mawarna-warna.

LUKAS

Bebuka

1:1-4

1 1 Sampun kathah tiyang ingkang sami
ndhapuk cariyos bab lelampahan-
lelampahan ingkang dumados wonten ing
kalangan kita, 2 kadosdene ingkang sami kita
tampeni saking tiyang-tiyang, ingkang wiwit
sakawit sami nyumerepi piyambak lan sami
dados paladosing Pangandika. 3 Awit saking
punika, sasampunipun kula nitipriksa sadaya
kadadosan wau wiwit ing wiwitanipun kanthi
saestu, kakencenganing manah kula, lajeng
kula dadosaken buku ingkang isinipun tumata
saha ingkang lajeng kula aturaken ing ngarsa
panjenengan punika, dhuh, Sang Teofilus, 4 ing
pangangkah, supados panjenengan saged
nguningani, bilih sadaya ingkang sampun
kawulangaken dhateng panjenengan punika
saestu leres.

Wasita bab bakal miyose Nabi Yokanan Pambaptis

1:5-25

5 Nalika jamane Sang Prabu Herodhes, nata
ing tanah Yudea, ana sawijining imam, jenenge
Zakharia, kalebu golongan Abia. Bojone uga

trahe Harun, jenenge Elisabet. 6 Sakarone
padha mursid ana ing ngarsane Allah lan
tansah nindakake pepakon lan pranataning
Pangeran, ora ana kang luput. 7 Nanging ora
duwe anak, sabab Elisabet iku gabug lan
karone wis padha tuwa.
8 Ing sawijining dina, nalika pinuju giliraning
golongane, Zakharia ngimami ana ngarsaning
Pangeran. 9 Sabab nalika diundhi kaya adate,
kanggo namtokake imam kang maju ing gawe,
dheweke kang katuding lumebu ing Padaleman
Suci ngobong dupa. 10 Nalika samana umat
kabeh kumpul ana ing jaba padha sembahyang
ing wektu pangobonging dupa. 11 Imam
Zakharia banjur dikatingali malaekating
Pangeran, jumeneng ing satengahing misbyah
padupan. 12 Imam Zakharia bareng weruh
kaget lan wedi. 13 Nanging malaekat mau
banjur ngandika: "Aja wedi, Zakharia, awit
pandongamu wis kabul, lan Elisabet, bojomu,
bakal nglairake anakmu lanang, iku jenengna
Yokanan. 14 Iku bakal ndadekake bungah
lan renamu, apadene akeh wong kang bakal
bungah marga saka laire bocah mau. 15 Mulane
mangkono awit iku bakal pinunjul ana ing
ngarsaning Pangeran, lan bakal ora ngombe
anggur utawa liya-liyane kang mendemi, sarta
bakal kapenuhan ing Roh Suci wiwit saka ing
guwagarbane ibune. 16 Apadene bakal njalari
akeh wong Israel padha mratobat marang
Pangeran, Allahe, 17 tuwin bakal lumaku dadi
cecala ndhisiki tindake Pangeran kanthi roh lan
panguwasane Elia, supaya bisaa mbalekake

atine para bapa marang para anak, sarta
nuntun wong mursal marang kamursidan,
dadine nyawisake umat kang sembada tumrap
ing Pangeran!” 18 Zakharia banjur munjuk
marang malaekat mau: “Kadospundi anggen
kawula saged mangretos, bilih bab punika
saestu badhe kalampahan? Sabab kawula
sampun sepuh, saha semah kawula sampun
lungse ing wanci.” 19 Paring wangsulane
malaekat: “Aku iki Gabriel sing ngladosi Gusti
Allah lan aku diutus ndhawuhi kowe, sarta
nglantarake pawarta kabungahan iki marang
kowe. 20 Lah, kowe bakal bisu lan ora bisa
caturan nganti tekan titimangsa kalakone iku
kabeh, amarga kowe ora ngandel marang
kandhaku kang mesthi bakal kalakon ing
wektu kang wis katamtokake.”

21 Kacarita wong akeh, kang padha ngenteni
Imam Zakharia, padha gumun, dene suwe
temen anggone ana ing Padaleman Suci.
22 Bareng metu, ora bisa ngucap marang wong
akeh iku, banjur padha mangreti, yen Zakharia
mentas tampa wahyu ana ing Padaleman
Suci. Wasana mung aweh sasmita bae jalaran
tetep bisu. 23 Bareng ing dina rampunging
kawajibane, Zakharia banjur mulih.

24 Kacarita ora let suwe Elisabet, bojone nuli
ngandheg lan sajroning limang sasi ora tau
metu-metu, pangucape: 25 “Ya iki pandamele
Pangeran marang aku anggone karsa ngluwari
aku saka ing kawiranganku ana ing ngareping
wong.”

Wasita bab bakal miyose Gusti Yesus

1:26-38

[26] Bareng wis nem sasine Gusti Allah ngutus
malaekat Gabriel menyang ing sawijining
kutha ing tanah Galilea kang aran Nasaret,
[27] manggihi prawan kang pacangan karo
wong kang aran Yusuf, tedhake Sang Prabu
Dawud. Prawan mau jenenge Maryam.
[28] Nalika malaekat mau lumebu ing omahe
Maryam, banjur ngandika: "Bagea, kowe kang
kinasihan, Pangeran tansah nganthi marang
kowe." [29] Krungu pangandika mangkono iku
Maryam kaget, lan nggagas, apa tegese
iku. [30] Malaekat nuli ngandika: "Aja wedi,
Maryam, awit kowe oleh sih-kanugrahan ana
ing ngarsaning Pangeran. [31] Lah kowe bakal
ngandheg lan bakal mbabar Putra kakung.
Iku asmakna Yesus. [32] Panjenengane bakal
pinunjul lan bakal kasebut Putraning Allah
Kang Mahaluhur. Apadene Gusti Allah bakal
maringi marang Panjenengane dhampare Sang
Prabu Dawud, leluhure. [33] Sarta Panjenengane
bakal jumeneng dadi Ratuning para turune
Yakub nganti salawas-lawase, tuwin kratone
iku bakal ora ana wekasane." [34] Maryam
banjur matur marang malaekat mau:
"Punika sagedipun kalampahan kadospundi,
jalaran kawula dereng emah-emah?" [35] Paring
wangsulane malaekat: "Roh Suci bakal nedhaki
kowe, sarta kuwasane Kang Mahaluhur bakal
ngayomi kowe; mulane Putra kang bakal miyos

iku bakal kasebut suci, Putraning Allah. 36 Lah
Elisabet, sanakmu, kang wis tuwa iku, iya lagi
ngandhut anak lanang, dene saprene wis nem
sasi, mangka wis diarani gabug. 37 Amarga
tumraping Allah ora ana barang kang mokal.”
38 Maryam banjur munjuk, “Sumangga, kawula
punika abdinipun Pangeran, kadhatengana
kadosdene ingkang Paduka ngandikakaken.”
Sawise mangkono malaekat banjur tindak,
niar Maryam.

Maryam tilik Elisabet

1:39-45

39 Nalika samana Maryam banjur enggal-
enggal mangkat menyang kutha ing
pagunungan tanah Yehuda. 40 Bareng lumebu
ing omahe Zakharia tumuli uluk-salam marang
Elisabet. 41 Kocapa nalika Elisabet krungu
uluk-salame Maryam, bayi kandhutane
nggronjal, wasana Elisabet banjur kapenuhan
ing Roh Suci 42 sarta kalawan sora calathu:
“Kowe iku binarkahan ana ing antarane
wong wadon kabeh, apamaneh binarkahana
wohing kandhutanmu. 43 Sapa ta aku iki, dene
nganti karawuhan ibune Gustiku? 44 Amarga
sanyatane, bareng uluk-salammu umama ing
kupingku, bayi kandhutanku nggronjal, marga
saka senenge. 45 Lah rahayu, kang wis pracaya
iku, salam apa kang dipangandikakake dening
Pangeran marang wong iku, mesthi bakal
kalakon.”

Pamujine Maryam

1:46-56

46 Maryam banjur ngucap mangkene:
“Nyawaku ngluhurake Pangeran
47 lan aku bungah marga saka Allah,
Juruslametku.
48 Sabab Panjenengane wis ngudaneni
asoring abdine.
Lah wiwit saiki sakehing turun bakal ngaran
aku rahayu,
49 jalaran Kang Mahakuwasa wis nindakake
pakaryan-pakaryan kang pinunjul
marang aku sarta suci asmane.
50 Tuwin rahmate turun-tumurun tumrap
wong kang wedi asih marang
Panjenengane.
51 Panjenengane ngatingalake panguwaose
kaawan pakaryaning astane lan
mbuyarake wong kang angkuh atine.
52 Panjenengane nglorod wong-wong kang
kuwasa saka ing kalenggahane, lan
ngumurake wong kang asor.
53 Panjenengane ngluberake samubarang
kang becik marang wong kang keluwen,
lan wong kang sugih padha tinundhung
legeh.
54 Panjenengane nulungi Israel, abdine, awit
enget marang rahmate,
55 kaya kang wis kaprasetyakake marang
leluhur kita, marang Rama Abraham

lan turun-turune, kanggo ing
salawas-lawase.”
56 Maryam anggone ana ing omahe Elisabet
mau watara telung sasi, banjur mulih.

Miyose Nabi Yokanan Pambaptis

1:57-66

57 Bareng Elisabet anggone ngandheg wis
tekan ing leke, banjur nglairake jabang-bayi
lanang.
58 Nalika tangga-teparone lan sanak-sadulure
krungu pawarta yen Gusti Allah wis paring sih
kamurahane kang samono gedhene iku, padha
melu bungah. 59 Ing wolang dinane wong-wong
mau padha teka njenengi, anggone bayine
bakal ditetaki lan bakal dijenengake Zakharia
manut jenenge bapakne. 60 Nanging ibune
calathu: “Aja, jenenge kudu Yokanan.”
61 Pangucape wong akeh mau: “Sanak-
sanakmu ora ana sing jenenge mangkono.”
62 Banjur padha takon marang bapakne kanthi
sasmita, bakal dijenengake sapa. 63 Zakharia
nuli njaluk sabak lan nulis: “Jenenge kudu
Yokanan.” Wong kabeh padha gumun. 64 Padha
sanalika cangkeme lan ilate padha kabuka lan
banjur bisa calathu lan ngluhurake Gusti Allah.
65 Para tangga-teparone padha ketaman ing
wedi, apadene lelakon mau banjur tansah dadi
rerasanane wong-wong ing pagunungan Yudea
kabeh. 66 Lan kabeh wong sing padha krungu,
padha tansah mikir sarta ngucap: “Bocah iki

bakale dadi apa ta besuk?” Amarga kaayoman ing astaning Pangeran.

Pamujine Zakharia

1:67-80

67 Zakharia, bapakne, marga saka kapenuhan ing Roh Suci, banjur medhar wangsit, pangucape:

68 “Pinujia Pangeran, Allahe Israel,
sabab wis nuweni umate lan paring pangluwaran.
69 Panjenengane nukulake sunguning karahayon
kanggo kita ana ing tedhake Sang Prabu Dawud, abdine,
70 -- kaya kang wis kapangandikakake wiwit kuna mula lumantar para nabine kang suci --
71 supaya kita luwar saka ing mungsuh-mungsuh kita lan saka ing tangane kabeh wong kang padha sengit marang kita.
72 Supaya leluhur kita bisa nyumerepi sih-rahmate lan anggone enget marnag prajanjiane kang suci,
73 yaiku supaos kang dipangandikakake marang Rama Abraham, leluhur kita, yen Panjenengane paring kanugrahan marang kita,
74 supaya kita luwar saka ing tanganing mungsuh,

bisa ngabekti marang Panjenengane tanpa
rasa wedi,
75 ing sajroning kasucen lan kabeneran ana
ing ngarsane,
sajege urip kita.
76 Dene kowe, ngger, anakku, bakal kasebut
nabining Allah Kang Mahaluhur,
amarga kowe bakal lumaku dadi cecala
ndhisiki tindake Pangeran prelu nyawisake
dalan kagem Panjenengane,
77 lan ngretekakake umate marang dalaning
karahayon,
adhedasar pangapuraning dosa-dosane
78 marga saka rahmat lan sih-piwelase Allah
kita,
kang bakal kaasta anggone bakal ngrawuhi
kita saka ing ngaluhur, Sang Surya-esuk
79 karsa madhangi sakabehing wong kang
padha andhok ing pepeteng lan ana ing
wayanganing pati,
apadene ngenerake sikil kita marang
dalaning karahayon."

80 Kacarita bocah mau mundhak-mundhak
gedhene lan saya kasantosakake rohe sarta
banjur manggon ing pasamunan nganti
tumeka ing dina anggone bakal ngaton
marang Banisrael.

Miyose Gusti Yesus

2:1-7

Mt 1:18-25

2 1 Nalika samana Sang Nata Agung Agustus
paring dhawuh, supaya wong saindenging
karajan agung dicacahake. 2 Iki cacah-jiwa
kang kapisan kang dianakake nalika Sang
Kirenius jumeneng walinagara ing Siria.
3 Wong-wong banjur padha mangkat kabeh
arep ndhaftarake, sawiji-wijine menyang ing
kuthane dhewe-dhewe.
4 Mangkono uga Yusuf iya mangkat saka
ing kutha Nasaret tanah Galilea menyang
ing tanah Yudea, menyang ing kuthane Sang
Prabu Dawud, kang aran Betlehem -- amarga
asale saka ing brayat lan tedhake Sang Prabu
Dawud -- 5 supaya didhaftarake bebarengan
karo Maryam, pacangane, kang lagi ngandheg.
6 Bareng wis tekan kono, Maryam anggone
ngandheg wis tekan ing leke, 7 banjur
mbabar Putra kakung, kang pambajeng, nuli
digedhong lan diselehake ing pemakanan,
sabab ana ing papan panginepan padha ora
komanan panggonan.

Para pangon ing Betlehem

2:8-20

8 Kacarita ing jajahan kono ana pangon-
pangon kang padha nginep ing ara-ara
njaga pepanthaning kewane. 9 Dumadakan

ana malaekating Pangeran jumeneng ing
sacedhake sarta padha kasorotan ing cahya
kamulyane Pangeran temahan padha wedi
banget. 10 Malaekat mau tumuli ngandika
marang wong-wong mau: “Aja padha wedi, lan
kowe padha dakwartani kabungahan gedhe,
kang bakal tumrah marang sabangsa kabeh:
11 Ing dina iki wis miyos Juru-slametmu, yaiku
Sang Kristus, kang jumeneng Gusti, ana
ing kuthane Dawud. 12 Dene kang minangka
tengeran marang kowe, mangkene: Kowe
bakal mrangguli bayi kagedhong sumeleh
ing pamakanan.” 13 Dumadakan banjur
ana balatantra swarga kang akeh banget
cacahe, kang mbarengi malaekat mau sarta
padha memuji marang Gusti Allah, sabdane:
14 “Kamulyakna Gusti Allah kang ana ing
ngaluhur lan tentrem-rahayu anaa ing bumi,
ing antarane manungsa kang dadi renaning
panggalihe.” 15 Kacarita sapengkere para
malaekat menyang ing swarga, para pangon
mau padha sapocapan mangkene: “Ayo,
padha menyang ing Betlehem, ndeleng apa
sing wis kalakon ing kana, kaya sing wis
dipangandikakake dening Pangeran marang
kita.” 16 Banjur enggal-enggal mangkat, tumuli
ketemu karo Maryam lan Yusuf, apadene Sang
Jabang-bayi, kang sumeleh ing pamakanan.
17 Bareng wus padha nyumurupi, banjur padha
nyritakake apa kang wis dipangandikakake
tumrap Sang Putra iku. 18 Kabeh wong kang
padha krungu, padha gumun marang critane
pangon-pangon mau. 19 Nanging Maryam

nyathet iku mau kabeh ana ing sajroning
atine lan dirasak-rasakake. [20] Para pangon
tumuli padha bali kalawan memuji lan
ngluhurake Allah, marga sabarang kang wis
dirungu lan wis dideleng, cocog karo kang wis
dipangandikakake marang wong-wong mau.

Gusti Yesus disupiti lan dicaosake marang Pangeran

2:21-24

[21] Bareng wis ganep wolung dina, Sang
Timur disupiti lan asmane katetepake Yesus,
yaiku asma kang dipangandikakake dening
malaekat sadurunge Panjenengane kinandhut
ing guwa-garba.
[22] Nalika wis puput dinaning panucene
miturut angger-anggere Nabi Musa, Sang
Timur banjur kabekta menyang Yerusalem
arep dicaosake marang Pangeran, [23] kaya kang
katulisan ing angger-anggering Pangeran:
"Sakabehing anak lanang pambarep kudu
kasucekake kagem Gusti Allah," [24] lan padha
saos kurban, manut apa kang kadhawuhake
ana ing angger-anggering Pangeran, arupa
manuk deruk sajodho utawa piyik dara loro.

Simeon lan Hana

2:25-40

[25] Ing kutha Yerusalem ana sawijining wong
jenenge Simeon, wong mursid lan ngabekti
marang Allah, kang nganti-anti marang

panglipuring Israel sarta kang ingayoman
ing Roh Suci. 26 Iku wis pinaringan wangsit
dening Sang Roh Suci, yen bakal ora mati
sadurunge ndeleng Sang Kristus, yaiku kang
Jinebadan dening Pangeran. 27 Marga saka
pitedahe Sang Roh Suci, Simeon menyang
Padaleman Suci. Nalika Gusti Yesus, Sang
Timur, dibopong mlebu dening rama ibune, lan
bakal katindakake kaya kang wis katamtokake
dening angger-anggering Toret, 28 Simeon
banjur mbopong Sang Timur kalawan memuji
marang Gusti Allah, unjuke:

29 "Dhuh, Pangeran, sapunika Paduka
marengaken kawula kesah kalayan
temrem rahayu, miturut pangandika
Paduka,
30 sabab mripat kawula sampun nyumerepi
karahayon peparing Paduka,
31 ingkang sampun Paduka cawisaken women
ing sangajenging bangsa sadaya,
32 inggih punika pepadhang ingkang
minangka wedharan tumrap bangsa-
bangsa sanes saha ingkang dados
kamulyaning umat Paduka, Israel."

33 Rama-ibune kaeraman banget marang
kabeh kang diucapake tumrap Panjenengane
mau. 34 Simeon banjur mberkahi lan calathu
marang Maryam, kang ibu: "Lah iki wis
pinasthi dadi marganing tiba lan tangine wong
ing Israel pirang-pirang, lan dadi tetengeran
kang bakal nukulake padudon 35 -- lan atimu
dhewe bakal katuwek ing pedhang -- supaya
kalairna pikiraning atine wong akeh."

[36] Lan maneh ing kono iya ana nabi wadon,
jenenge Hana, anake Fanuel, saka taler Asyer,
wis tuwa banget. Sawise omah-omah banjur
urip bebarengan karo bojone pitung tahun,
[37] lan saiki wis randha, kang umure wolung
puluh papat taun. Ora mengeng saka ing
Padaleman Suci, rina wengi anggone ngabekti
kalawan pasa lan ndedonga. [38] Nalika iku
dheweke iya mrono lan ngunjukake panuwun
marang Gusti Allah, sarta nyaritakake bab
Sang Timur mau marang sakabehing wong
kang padha nganti-anti marang pangluwarane
Yerusalem.
[39] Sawise ngrampungake kabeh kang kudu
dilakoni miturut angger-anggere Pangeran,
banjur padha mulih menyang ing kutha
panggonane, yaiku ing Nasaret ing tanah
Galilea. [40] Sang Putra mau mindhak-mindhak
agenge, lan dadi santosa, kapenuhan
ing kawicaksanan sarta sinungan ing
sih-kanugrahaning Allah.

Gusti Yesus yuswa rolas taun ana ing Padaleman Suci

2:41-52

[41] Ing saben taun samangsa riyaya Paskah,
rama-ibune Gusti Yesus menyang ing
Yerusalem. [42] Bareng Gusti Yesus wis yuswa
rolas taun, padha menyang Yerusalem kaya
adate yen pinuju dina gedhe iku. [43] Salebare
pahargyan, nalika padha mulih, Gusti Yesus
kantun ana ing Yerusalem, rama-ibune ora

sumurup. 44 Sarehne dikira yen Panjenengane
awor karo wong-wong sing padha mulih
tunggal dalan, mulane padha mbacutake
lakune nganti sadina, banjur padha nggoleki
Panjenengane ana ing antarane para sanak
kadang lan para pitepungane. 45 Bareng
ora ketemu, banjur padha bali menyang
Yerusalem karo nggoleki terus. 46 Kacarita
sawise telung dina ketemu ana ing Padaleman
Suci lagi lenggah ana ing satengahe para
alim-ulama, mirengake piwulange, sarta
tetaken. 47 Kabeh wong kang ngrungokake
pangandikane padha kaeraman marang
kapinterane lan wangsulane. 48 Bareng
rama-ibune weruh padha njenger. Kang
ibu banjur calathu marang Panjenengane:
“Angger, yagene Kowe kok mangkono marang
aku. Bapakmu lan aku padha nggoleki Kowe
kalawan susah.” 49 Ature marang rama-ibune:
“Punapaa dene panjenengan madosi Kula?
Panjenengan punapa boten mirsa, bilih Kula
kawajiban wonten ing dalemipun Rama
Kula?” 50 Rama-ibune padha ora nyandhak
marang apa kang dipangandikakake iku.
51 Panjenengane banjur kondur bebarengan
karo kang rama lan kang ibu menyang ing
Nasaret; sabanjure Panjenengane lestantun
kaemong dening rama-ibune. Dene kang
ibu nyathet prakara iku mau kabeh ana ing
sajroning atine.

52 Kacarita Gusti Yesus saya mindhak ageng,
lan saya mindhak kawicaksanane apadene
saya wuwuh antuk sihing Allah lan manungsa.

Nabi Yokanan Pambaptis

3:1-20

Mt 3:1-12 Mk 1:1-8 Yo 1:19-28

3 [1] Nalika Sang Nata Agung Tiberius anggone
ngasta paprentahan wis nyandhak
limalas taune, kalane Sang Pontius Pilatus
jumeneng walinagara ing tanah Yudea, lan
Sang Prabu Herodhes jumeneng ratu-wilayah
tanah Galilea, Sang Prabu Filipus sadhereke
jumeneng ratu-wilayah Iturea lan Trakhonitis,
sarta Sang Prabu Lisanias jumeneng ratu
wilayah Abilene, [2] ing kalane Sang Hanas
lan Sang Kayafas jumeneng Imam Agung,
Gusti Allah paring pangandika marang Nabi
Yokanan; putrane Imam Zakharia, ana
ing ara-ara-samun. [3] Nabi Yokanan banjur
ndlajahi imbange bengawan Yarden kabeh
sarta nguwuh-uwuh: "Padha mratobata, lan
pasrahna awakmu supaya dibaptis, Gusti Allah
bakal ngapura dosamu kabeh." [4] Iki cocok karo
kang tinulis ing kitab pamedharwangsite Nabi
Yesaya:

"Ana swaraning wong kang nguwuh-uwuh
ana ing ara-ara-samun.
Padha nyawisna margining Pangeran,
lencengna lurung-lurunge!
[5] Saben jurang bakal kaurugan, lan saben
gunung lan punthuk bakal karata; kang
menggak-menggok bakal kalencengake,
kang mendhak-mandhukul bakal karata,

6 apadene sakabehing daging bakal weruh
karahayon kang saka ing Pangeran.”
7 Nabi Yokanan banjur ngandika marang
wong akeh kang padha teka nyuwun baptis:
“Heh, tetesaning ula bedhudhak, sapa kang
akon kowe nyingkiri bebendu kang bakal
tumempuh? 8 Mulane padha metokna woh
kang sembada tumrap pamratobat. Lan aja
padha nduweni pangrasa: Rama Abraham iku
rama kita! Awit aku pitutur marang kowe:
Gusti Allah kuwaos karya trahing Rama
Abraham saka watu-watu iki! 9 Wadunge wis
cumepak ana ing poking wit, lan saben wit
kang ora metokake woh kang becik, bakal
ditegor sarta dicemplungake ing geni.”
10 Wong akeh mau banjur padha matur
pitakon: “Manawi makaten, punapa ingkang
kedah sami kula tindakaken?” 11 Paring
wangsulane: “Sapa kang duwe klambi loro,
wong kang ora duwe wenahana siji, lan sing
sapa duwe pangan, iya tumindaka mangkono.”
12 Ana juru-mupu-beya kang uga padha
teka arep nyuwun baptis, iku padha matur
pitakon: “Guru, kula kedah sami nglampahi
punapa?” 13 Paring wangsulane: “Aja padha
mupu ngluwihi kang wis katamtokake tumrap
kowe!” 14 Para prajurit uga matur pitakon:
“Lah kula, punapa ingkang kedah sami kula
lampahi?” Paring wangsulane Nabi Yokanan:
“Aja ngrampas lan aja memeres, nrimaa ing
blanjamu dhewe.”
15 Nanging sarehne wong akeh padha
nganti-anti lan padha nggagas, apa baya iki

Sang Kristus, [16] Nabi Yokanan banjur paring
wangsulan, pangandikane: “Aku iki mbaptisi
kowe nganggo banyu, nanging Panjenengane
kang panguwasane ngungkuli aku, iku bakal
rawuh lan sanadyan mung nguculi ageme
trumpah bae, aku ora patut. Iku bakal
mbaptisi kowe kalawan Roh Suci lan geni.
[17] Panjenengane wis ngasta tampah kaagem
ngresiki panutone nganti resik babar pisan
sarta kaagem nglumpukake gandume ing
lumbunge, nanging mrambute bakal diobong
ing geni kang ora kena sinirep.”
[18] Aliya saka iku isih akeh piwulange kang
diparingake sajrone nggelarake Injil marang
wong akeh. [19] Ananging bareng panjenengane
melehake Sang Nata-wilayah Hero0dhes, bab
lelakone karo Sang Putri Herodhias, garwane
sadhereke, tuwin bab anggone nindakake
sakabehing piala liya-liyane, [20] Sang Prabu
saya wewah durakane, yaiku anggone banjur
ngunjara Nabi Yokanan.

Gusti Yesus kabaptis

3:21-22

Mt 3:13-17 Mk 1:9-11 Yo 1:32-34

[21] Kacarita, nalika wong akeh iku wis padha
kabaptis lan Gusti Yesus uga dibaptis sarta
lagi ndedonga, langit tumuli piyak, [22] banjur
katedhakan ing Roh Suci apindha manuk
dara. Nuli ana swara kang kaprungu saka
ing langit mangkene: “Sira iku PutraningSun

kang Sunkasihi, kang dadi keparenging
panggalihingSun.”

Sarasilahe Gusti Yesus

3:23-38

Mt 1:1-17

[23] Nalika Gusti Yesus wiwit makarya iku
kurang luwih yuswa telung puluh taun lan
manut pangirane wong-wong, Panjenengane
iku putrane Rama Yusuf, tedhake Eli, [24] tedhake
Matat, tedhake Lewi, tedhake Malkhi, tedhake
Yanai, tedhake Yusuf, [25] tedhake Matica,
tedhake Amos, tedhake Nahum, tedhake Hesli,
tedhake Nagai, [26] tedhake Maat, tedhake
Matica, tedhake Simei, tedhake Yosekh,
tedhake Simei, tedhake Yoda, [27] tedhake
Yohanan, tedhake Resa, tedhake Zerubabel,
tedhake Sealtiel, tedhake Neri, [28] tedhake
Malkhi, tedhake Adi, tedhake Kosam, tedhake
Elmadam, tedhake Er, [29] tedhake Yesua,
tedhake Eliezer, tedhake Yorim, tedhake Matat,
tedhake Lewi, [30] tedhake Simeon, tedhake
Yehuda, tedhake Yusuf, tedhake Yonam,
tedhake Elyakim, [31] tedhake Melea, tedhake
Mina, tedhake Matata, tedhake Natan, tedhake
Sang Prabu Dawud, [32] tedhake Isai, tedhake
Obed, tedhake Boas, tedhake Salmon, tedhake
Nahason, [33] tedhake Aminadab, tedhake
Admin, tedhake Arni, tedhake Hezron, tedhake
Peres, tedhake Yehuda, [34] tedhake Yakub,
tedhake Iskak, tedhake Rama Abraham,
tedhake Terah, tedhake Nahor, [35] tedhake

Serug, tedhake Rehu, tedhake Peleg, tedhake
Eber, tedhake Salmon, [36] tedhake Kenan,
tedhake Arpakhsad, tedhake Sem, tedhake
Nuh, tedhake Lamekh, [37] tedhake Metusalah,
tedhake Henokh, tedhake Yared, tedhake
Mahaleel, tedhake Kenan, [38] tedhake Enos,
tedhake Set, tedhake Rama Adam, Putraning
Allah.

Gusti Yesus kagodha dening Iblis

4:1-13

Mt 4:1-11 Mk 1:12-13

4 [1] Gusti Yesus, kang penuh ing Roh Suci,
wangsul saka bengawan Yarden, banjur
kapurugake dening Roh Suci menyang ing
ara-arasamun. [2] Ana ing kono lawase patang
puluh dina lan banjur kagodha dening Iblis.
Sajrone ana ig kono iku Panjenengane ora
dhahar apa-apa sarta sawise iku kraos
kerapan. [3] Iblis nuli matur marang Gusti
Yesus: "Manawi Panjenengan Putraning Allah,
sumangga sela punika kadhawuhana dados
roti." [4] Paring wangsulane Gusti Yesus: "Ana
tulisan mangkene: Uripe manungsa iku ora
mung saka roti bae."

[5] Iblis tumuli nambut Gusti Yesus munggah
ing ppan kang dhuwur sarta banjur nedahake
krajan ing jagad marang Panjenengane
ing sakedhap netra. [6] Iblis nuli matur:
"Panjenengan badhe kula caosi panguwaos
punika sadaya dalah kamulyanipun, awit
punika sadaya sampun dipun pasrahaken

dhateng kula saha kula saged nyukakaken
dhateng sinten ingkang kula kajengaken.
7 Milanipun manawi Panjenengan nyembah
dhateng kula, sadaya punika badhe dados
kagungan Panjenengan.” 8 Nanging Gusti
Yesus mangsuli pangandikane: “Ana tulisan
mangkene: Pangeran Allahira, iku kang kudu
sira sembah, sarta iya mung Panjenengane iku
kang kudu sira abekteni!”
9 Sawise iku Iblis tumuli nambut Gusti
Yesus menyang ing kutha Yerusalem lan
kajumenengake ing wuwunganing Padaleman
Suci, banjur matur: “Manawi Panjenengan
Putraning Allah, sumangga kula aturi
anjlog saking ngriki mangandhap, 10 awit
wonten seratan makaten: Tumraping Sira,
Panjenengane bakal dhawuh marang para
malaekate supaya rumeksa marang Sira 11 lan
iku bakal padha nadhahi Sira ana ing tangane,
supaya sikilira aja nganti kesandhung ing
watu.” 12 Paring wangsulane Gusti Yesus: “Ana
pangandika mangkene: Sira aja nyoba marang
Pangeran Allahira!”
13 Iblis sawise rampung panggodhane banjur
mundur saka ing ngarsane, sumedya angon
mangsa.

Gusti Yesus kondur menyang ing tanah Galilea

4:14-15

Mt 4:12-17 Mk 1:14-15

14 Gusti Yesus banjur kondur menyang ing
tanah Galilea kalawan ngagem panguwasaning
Roh. Anadene pawarta bab Panjenengane iku
tumuli sumebar ana ing jajahan kono kabeh.
15 Nalika samana Panjenengane memulang
ana ing papan-papan pangibadah ing kono
sarta wong akeh padha ngalembana.

Gusti Yesus ana ing kutha Nasaret katampik

4:16-30

Mt 13:53-58 Mk 6:1-6

16 Gusti Yesus nuli rawuh ing kutha Nasaret,
panggonane nalika kagulawenthah, lan kaya
adate bareng dina Sabat banjur rawuh ing
papan pangibadah sarta jumeneng arep maos
Kitab Suci. 17 Nuli dicaosi kitabe Nabi Yesaya.
Bareng kabukak, manggih nas kang surasane
mangkene:
18 "Rohe Pangeran ngayomi Ingsun awit
Panjenengane wis njebadi Ingsun,
kadhawahan martakake kabar becik
marang wong-wong miskin;
lan Panjenengane wis ngutus marang
Ingsun

19 martakake luware para wong kang kinunjara,
sarta pulihe pandelenge wong wuta,
ngluwari wong-wong kang katindhes,
ngundhangake taun kang dadi keparenge
Pangeran.”
20 Sawise mangkono kitab banjur kagulung
kaparingake maneh marang kang kawajiban,
nuli lenggah. Kabeh wong kang ana ing
papan pangibadah padha mandeng marang
Panjenengane. 21 Gusti Yesus banjur paring
piwulang, pangandikane: “Ing dina iki
pangandika iki wis kayektenan, sajrone
kowe padha ngrungokake.” 22 Kabeh wong
padha nganggep bener marang Panjenengane
apadene padha kaeraman marang aruming
pitembungan kang dipangandikakake, banjur
padha cluluk mangkene: “Apa Iku dudu anake
Yusuf?” 23 Gusti Yesus tumuli ngandika: “Kowe
mesthi bakal ngucapake paribasan marang Aku
mangkene: Heh, dhukun, warasna awakmu
dhewe. Kabeh kang padha dakrungu bab kang
wis kalakon ana ing kutha Kapernaum, iku
tindakna uga ana ing kene, ana ing tanah
asalmu kene.” 24 Lan pangandikane maneh:
“Aku pitutur marang kowe, sanyatane ora ana
nabi kang kajen ana ing tanah asale. 25 Sarta
Aku kandha marang kowe, lan kandhaKu iki
bener: Dhek jamane Nabi Elia, nalika langit
mineb lawase telung taun nem sasi, kang
njalari anane pailan kang nggegirisi ana ing
satanah kabeh, sanadyan ing Israel akeh
randhane, 26 ewasamono Nabi Elia ora diutus

menyang ing salah sawijining randha-randha
mau, nanging menyang ing omahe wong
wadon randha ing kutha Sarfat, ing tanah
Sidon. [27] Apadene nalika jamane Nabi Elisa
ing tanah Israel akeh wong kang budhugen,
nanging siji bae ora ana kang kabirat najise,
kajaba Naaman, wong Siria." [28] Kabeh wong
kang ana ing papan pangibadah kono padha
nepsu banget, krungu kang mangkono
iku. [29] Banjur padha ngadeg, Gusti Yesus
dilarak menyang ing sajabaning kutha, terus
didhabyang menyang ing pinggiring gunung,
kang didegi kutha mau, arep dijorogake saka
ing kono. [30] Nanging Panjenengane banjur
tindak nratas ing tengahe wong-wong mau,
nuli jengkar saka ing kono.

Gusti Yesus ana ing papan pangibadah ing kutha Kapernaum

4:31-37

Mk 1:21-28

[31] Gusti Yesus banjur rawuh ing kutha
Kapernaum, sawijining kutha ing tanah
Galilea, tumuli memulang ana ing kono ing
saben dina Sabat. [32] Wong-wong padha
kaeraman krungu piwulange, amarga
pangandikane kanthi panguwasa.

[33] Ing papan pangibadah kono ana wong
kang kapanjingan dhemit, iku nguwuh kanthi
swara seru: [34] "Dhuh, Gusti Yesus saking
Nasaret, Paduka tumut-tumut punapa dhateng
kawula? Punapa rawuh Paduka badhe ngrisak

kawula? Kawula mangretos, Paduka punika
sinten, inggih punika Sang Suci kagunganipun
Gusti Allah.” 35 Nanging banjur didukani dening
Gusti Yesus, pangandikane: “Menenga! Metua
saka wong iku!” Wonge banjur kalarak dening
dhemit mau, kabanting ing satengahing
wong akeh; dhemite nuli metu lan babar
pisan ora njalari larane wong mau. 36 Kabeh
wong padha eram, banjur padha rasanan:
“Tembunge kok ngedab-edabi banget! Kalawan
wibawa lan panguwasa anggone ndawuhi para
dhemit, temah padha metu.” 37 Pawarta bab
Panjenengane iku banjur sumebar tekan ing
ngendi-endi ing tanah kono.

Gusti Yesus nyarasake ibune maratuwa Petrus lan wong liya-liyane

4:38-41

Mt 8:14-17 Mk 1:29-34

38 Sawise iku Gusti Yesus jengkar saka ing
papan pangibadah kono lan tindak menyang
ing omahe Simon. Nalika iku ibune maratuwa
Simon lagi lara panastis banget, banjur
disuwunake pitulungan marang Panjenengane.
39 Gusti Yesus nuli jumeneng ing sandhinge,
lelarane didukani, wasana sing lara banjur
mari, nuli tangi lan ngladeni para tamune.
40 Bareng wis surup, wong-wong padha
nyowanake sanak sadulure kang lara warna-
warna. Iku genti-genti padha ditumpangi
astane, temah padha mari. 41 Iya akeh
wong kang dhemite metu kalawan nguwuh

seru: “Paduka punika Putranipun Allah.” Nanging banjur didukani, ora diparengake calathu mangkono, awit padha sumurup, yen Panjenengane iku Sang Kristus.

Gusti Yesus memulang ana ing kutha-kutha liyane

4:42-44

Mk 1:35-39

42 Bareng wis esuk Gusti Yesus miyos lan
banjur tindak menyang ing panggonan kang
sepi. Nanging wong akeh padha nggoleki lan
iya ketemu. Kabeh padha nggondheli Gusti
Yesus, supaya aja padha ditilar. 43 Nanging
padha dipangandikani: “Injile Kratoning Allah
iku iya kudu Dakwartak-wartakake menyang
ing kutha-kutha liyane uga, sabab iya iku
prelune anggonKu kautus.” 44 Panjenengane
banjur memulang ana ing papan-papan
pangibadah ing tanah Yudea.

Juru-amek-iwak kadadekake Juru-amek-wong

5:1-11

Mt 4:18-22 Mk 1:16-20

5 1 Ing sawijining dina Gusti Yesus pinuju
jumeneng ana ing pinggiring sagara
Genesaret, wong akeh padha ngangseg
arep ngrungokake pangandikane Gusti
Allah. 2 Nuli mirsa prau loro ana ing pinggir
sagara, juru-amek-iwak wis padha mentas

lagi ngumbah jalane. 3 Panjenengane banjur
minggah ing salah sijine prau iku, yaiku
praune Simon, lan dhawuh, supaya praune
rada didohake saka ing dharatan. Banjur
lenggah lan memulang marang wong akeh
mau saka ing prau. 4 Bareng wis rampung,
tumuli ngandika marang Simon: “Mancala
menyang ing panggonan kang jero, jalamu
tibakna supaya oleh iwak.” 5 Simon mangsuli,
unjuke: “Guru, sampun sadalu muput anggen
kawula sami nyambutdamel kanthi saestu,
boten angsal punapa-punapa, ewadene margi
saking dhawuh Paduka, kawula inggih badhe
ndhawahaken jala.” 6 Sawise ditibakake, padha
oleh iwak akeh banget, nganti jalane bedhah.
7 Kancane kang ana ing prau sijine padha
diawe, dikon teka ngrewangi. Iya banjur padha
teka, praune loro pisan diemoti, kebak nganti
meh kerem. 8 Nalika Simon nyumurupi kang
mangkono iku, banjur nyungkemi jengkune
Gusti Yesus sarta munjuk: “Gusti, Paduka mugi
karsaa nilar kawula, awit kawula punika tiyang
dosa.” 9 Amarga Simon sakancane kabeh
padha sumlengeren, dene samono akehe
iwake sing kena. 10 Samono uga Yakobus
lan Yokanan, anak-anake Zebedheus, kang
padha dadi rewange Simon. Gusti Yesus nuli
ngandika marang Simon: “Aja wedi, wiwit
saiki kowe bakal padha amek wong.” 11 Sawise
minggirake praune, banjur padha ninggal
samubarang kabeh sarta ndherekake Gusti
Yesus.

Gusti Yesus nyarasake wong budhugen

5:12-16

Mt 8:1-4 Mk 1:40-45

[12] Kacarita nalika Gusti Yesus ana ing sawijining kutha, ana wong kang awake sakojur budhugen. Bareng ndeleng Gusti Yesus banjur sumungkem ing bumi lan matur: "Gusti, manawi Paduka karsa, tamtu saged mbirat najis kawula." [13] Gusti nuli mulung astane, ndemek wong mau kalawan ngandika: "Aku karsa, birata najismu!" Sanalika iku uga lelarane budhug sirna. [14] Wong mau tumuli diwaleri, supaya aja kandha-kandha marang wong sarta dipangandikani: "Lungaa, awakmu tuduhna marang imam lan nyaosna kurbaning pasucenmu, kaya kang wis diprentahake dening Nabi Musa, minangka paseksi marang kowe." [15] Ewasamono pawarta bab Gusti Yesus iku malah saya sumebar nganti adoh, lan banjur akeh wong kang padha gumrudug sowan ing ngarsane arep ngrungokake pangandikane sarta supaya lelarane kawarasake. [16] Nanging Gusti Yesus banjur sumingkir menyang ing papan-papan kang sepi ndedonga.

Gusti Yesus nyarasake wong lumpuh

5:17-26

Mt 9:1-8 Mk 2:1-12

17 Ing sawijining dina nalika Gusti Yesus
pinuju memulang, ana wong Farisi lan
ahli Toret sawatara kang padha lungguh
ngrungokake. Iku padha teka saka ing
desa-desa ing tanah Galilea lan Yudea,
sarta saka ing kutha Yerusalem. Kawasaning
Pangeran ana ing Panjenengane, mula saged
paring kawarasan marang wong lara. 18 Banjur
ana wong sawatara kang teka ngusung
wong lumpuh ana ing paturone; iku padha
mbudidaya bisane mlebu nyowanake marang
ing ngarsane Gusti Yesus. 19 Sarehne ora bisa
nggawa mlebu, marga saka akehing wong
kang ana ing kono, banjur padha munggah
ing payon, nuli mbukak payon iku lan wong
kang lara diudhunake sapaturone menyang
ing satengahe wong akeh pas ana ing
ngarsane Gusti Yesus. 20 Gusti Yesus bareng
mirsa pangandele wong-wong mau, tumuli
ngandika: "He, sadulur, dosamu wis kaapura."
21 Nanging para ahli Toret lan para wong Farisi
padha mikir sajroning ati: "Sapa ta wong iki,
dene nyenyamah marang Allah mangkono?
Sapa sing bisa ngapura dosa kajaba Gusti
Allah Piyambak?" 22 Nanging Gusti Yesus
ngungingani pikirane wong-wong mau, mulane
banjur ngandika: "Apa sing padha kokpikir ing
sajroning atimu? 23 Gampang endi dhawuh:

dosamu wis kaapura, karo dhawuh: Ngadega,
lumakua? 24 Nanging supaya kowe padha
ngreti, yen Putraning Manungsa iku kuwasa
ngapura dosa ana ing bumi," banjur ngandika
marang kang lumpuh iku: "DhawuhKu marang
kowe: Ngadega, paturonmu angkaten lan
muliha!" 25 Sanalika iku uga wong mau banjur
ngadeg ana ing ngarepe wong akeh mau,
ngangkat paturone, tumuli mulih kalawan
ngluhurake Gusti Allah. 26 Wong kabeh
padha kaeraman lan padha ngluhurake Gusti
Allah sarta padha wedi banget pangucape:
"Dina iki aku kabeh wus padha nyumurupi
barang-barang kang nggumunake banget."

Lewi juru-mupu-beya ndherek Gusti Yesus

5:27-32

Mt 9:9-13 Mk 2:13-17

27 Sawise mangkono Gusti Yesus banjur
tindak. Nuli mirsa juru-mupu-beya linggih
ana ing pabeyan, jenenge Lewi. Iku
dipangandikane mangkene: "Melua aku!"
28 Lewi banjur ngadeg, samubarang kabeh
ditinggal lan ndherek Gusti Yesus.
29 Lewi tumuli nganakake bujana gedhe
kagem Panjenengane ana ing omahe lan akeh
juru-mupu-beya lan wong-wong liyane kang
padha melu ngepung. 30 Para wong Farisi
lan ahli Toret padha grundelan karo para
sakabate Gusti Yesus, tembunge: "Yagena
kowe padha mangan lan ngombe awor karo

juru-mupu-beya lan wong dosa?” [31] Gusti
Yesus banjur paring wangsulan, pangandikane:
“Wong waras iku ora butuh dhokter, mung sing
lara. [32] TekaKu ora ngundang wong sampurna,
nanging wong dosa, supaya padha mratobat.”

Bab pasa

5:33-39

Mt 9:14-17 Mk 2:18-22

[33] Wong-wong Farisi mau banjur matur
maneh marang Gusti Yesus: “Para sakabatipun
Yokanan asring sami siyam sarta sembahyang,
makaten ugi sakabatipun para tiyang
Farisi, nanging punapaa dene para sakabat
Panjenengan kok sami nedha kaliyan
ngombe?” [34] Paring wangsulane Gusti Yesus:
“Apa bisa para mitraning panganten lanang
dikon pasa, sajroning pangantene isih ana?
[35] Nanging bakal ana wektune, pangantene
kapethal saka ing antarane, ing kono banjur
bakal padha pasa.”

[36] Lan maneh Panjenengane iya paring
pasemon marang wong-wong mau: “Ora
ana wong golek tambalan kalawan nyuwek
klambi anyar kanggo nambal klambi lawas.
Yen mangkono, kang anyar iku bakal suwek,
tur tambalan kang anyar mau ora cocog karo
kang lawas. [37] Mangkono uga ora ana wong
kang ngisekake anggur kang anyar ana ing
impes lawas, awit manawa mangkono, anggur
anyar mau bakal mbedhahake impese, dadine
anggure wutah, impese rusak. [38] Nanging

anggur anyar iku kudu diwadhahi ing impes
anyar uga. 39 Lan ora ana wong kang wis
ngombe anggur lawas banjur kepengin
ngombe anggur anyar, sabab banjur bakal
ngucap: Anggur kang lawas iku enak banget."

Gusti Yesus iku iya Gustine dina Sabat

6:1-5

Mt 12:1-8 Mk 2:23-28

6 1 Ing sawijining dina, pinuju dina Sabat,
nalika Gusti Yesus tindak nglangkungi
pategalan gandum, para sakabate padha
methiki wewulen, banjur dipusus ing tangane,
isine dipangan. 2 Nanging banjur ana wong
Farisi sawatara kang padha ngaruh-aruhi:
"Yagene kowe padha nindakake kang ora
diparengake ing dina Sabat?" 3 Gusti Yesus
tumuli paring wangsulan, pangandikane: "Apa
kowe padha maca bab apa kang katindakake
dening Senapati Dawud sapandhereke kabeh
nalika keluwen, 4 anggone banjur lumebet
ing Padaleman Suci, mundhut roti cecaosan,
nuli didhahar, lan para pandhereke iya banjur
padha diparingi, mangka ora ana kang
kawenangake mangan iku kajaba mung para
imam." 5 Nuli ngandika maneh: "Putraning
Manungsa iku Gustine dina Sabat."

Gusti Yesus nyarasake wong ceko ing dina Sabat

6:6-11

Mt 12:9-14 Mk 3:1-6

6 Kacarita pinuju ing dina Sabat liyane Gusti
Yesus lumebet ing papan pangibadah banjur
memulang. Ing kono ana wong kang ceko
tangane tengen. 7 Para ahli Toret lan para
wong Farisi padha ngulatake, apa bakal
nyarasake wong ing dina Sabat, iku supaya
bisa oleh dhadhakan anggone ngluputake
Panjenengane. 8 Nanging Panjenengane ora
kekilapan marang kang dadi osiking atine
wong-wong mau, tumuli ngandika marang
kang ceko: "Ngadega, mapana ing tengah
kene!" Wonge banjur ngadeg mapan. 9 Gusti
Yesus tumuli ngandika marang wong-wong
mau: "Aku takon marang kowe: Apa kang
kepareng ditindakake ing dina Sabat, gawe
becik, apa gawe ala, nylametake apa ngrusak
nyawa?" 10 Sawise ngandika mangkono
nuli mirsani mubeng marang wong-wong
mau, banjur ngandika marang kang ceko:
"Tanganmu athungna!" Wong mau iya banjur
nindakake mangkono, wasana tangane waras.
11 Wong akeh mau tumuli padha nepsu banget,
sarta padha rembugan bab apa kang bakal
katindakake tumrap Gusti Yesus.

Gusti Yesus nimbali rasul rolas

6:12-16

Mt 10:1-4 Mk 3:13-19

12 Kacarita ing nalika samana Gusti Yesus
minggah ing gunung ndedonga; nganti
sawengi natas anggone ndedonga. 13 Bareng
wis raina para sakabate padha ditimbali,
banjur dipilih rolas, kang padha dijenengake
rasul, yaiku: 14 Simon, kang uga diparingi
jeneng Petrus, lan Andreas sadulure Simon,
Yakobus lan Yokanan, Filipus lan Bartolomeus,
15 Mateus lan Tomas, Yakobus anake Alfeus,
lan Simon kang karan wong Zelot, 16 Yudas
anake Yakobus lan Yudas Iskariot kang ing
tembe laku cidra.

Gusti Yesus memulang lan nyarasake wong pirang-pirang

6:17-19

Mt 4:23-25

17 Sawise iku Gusti Yesus banjur mandhap
kadherekake dening para sakabate, tumuli
kendel ana ing sawijining papan kang rata,
akeh banget wong kang banjur padha
nglumpuk ana ing kono, para sakabat lan
wong-wong liyane, kang teka saka ing
tanah Yudea kabeh lan saka ing Yerusalem,
sarta saka ing tanah pasisire Tirus lan Sidon.
18 Anggone padha mrana iku arep ngrungokake
pangandikane lan supaya kawarasake lelarane,

apadene wong-wong kang kasurupan ing
roh reged iya padha kawarasake. 19 Lan woh
akeh iku mau kabeh padha mbudidaya bisane
ndemek Panjenengane, awit banjur ana daya
kang metu saka ing Panjenengane, temah
kabeh padha diwarasake.

Wong apa kang rahayu lan kang bilai

6:20-26

Mat 5:1-12

20 Gusti Yesus banjur mirsani para sakabate
lan ngandika:

"Rahayu kowe kang padha mlarat, amarga
kowe kang padha nduweni Kratoning
Allah.
21 Rahayu kowe kang saiki padha kaluwen,
amarga kowe bakal padha kawaregan.
Rahayu kowe kang saiki nangis, awit kowe
bakal gumuyu.
22 Rahayu kowe, manawa marga saka
Putraning Manungsa, kowe padha
disengiti ing wong, disingkang-singkang
sarta diwewada apadene jenengmu
dianggep ala lan diemohi.
23 Ing dina iku kowe padha bungah-bungaha
lan suka-sukaa, amarga sanyata bakal
gedhe ganjaranmu ana ing swarga;
amarga para nabi iya digawe mangkono
dening para leluhure.
24 Nanging bilai kowe, heh, para wong sugih,
awit kowe wis padha tampa panglipur
saka kasugihanmu.

25 Bilai kowe, kang saiki wareg, amarga kowe bakal luwe. Bilai kowe, kang saiki gumuyu, amarga kowe bakal nandhang susah lan nangis.
26 Bilai kowe, manawa wong kabeh padha ngalembana marang kowe, awit iya kaya mangkono iku panggawene para leluhure marang para nabi palsu.”

Bab nresnani mungsuh

6:27-36

Mt 5:38-48

27 “Nanging kowe kang padha ngrungokake
marang Aku, padha Dakpituturi: Padha
tresnaa marang mungsuhmu, wong kang
sengit marang kowe, padha becikana. 28 Wong
kang nyupatani kowe, padha suwunna berkah;
wong kang sawenang-wenang marang kowe,
padha dongakna becik. 29 Sing sapa nangani
pipimu sasisih, sisihe pisan ulungna, lan
sing sapa ngrebut jubahmu, cikben ngepek
kotangmu pisan. 30 Wong kang njejaluk
marang kowe, wenehana, lan aja njaluk
baline marang darbekmu kang wis dijupuk ing
wong. 31 Apa kang kokkarepake tumrap kang
tumanduk marang kowe, iku iya tandukna
marang wong. 32 Sarta manawa kowe tresna
marang wong kang nresnani kowe, iku
apa jasamu? Amarga wong dosa iya padha
nimbangi katresnaning liyan. 33 Awit manawa
kowe padha gawe becik marang kang mbeciki
kowe, iku jasamu apa? Wong dosa rak iya

padha tumindak mangkono. [34] Lan maneh manawa kowe ngutangi marang wong kanthi pangarah supaya oleh apa-apa saka dheweke, iku apa jasamu? Wong dosa rak iya padha ngutangi marang padha wong dosa, supaya padha tampane. [35] Nanging kowe, padha tresnaa marang satrumu, padha becikana sarta silihana tanpa pangarep-arep piwelase, temah bakal gedhe ganjaranmu, apamaneh kowe bakal padha dadi putraning Allah Kang Mahaluhur, amarga Panjenengane nindakake kasaenan marang wong kang padha ora weruh ing kabecikan lan para wong ala. [36] Kowe sing padha ambek welasan, kaya anggone Ramamu iya ambek welasan."

Bab ngukumi

6:37-42

Mt 7:1-5

[37] "Aja padha ngukumi, supaya kowe iya ora bakal padha diukumi. Lan aja padha ngadili, supaya kowe iya ora padha diadili. Padha ngapuraa, supaya kowe iya diapura. [38] Padha weweha, supaya kowe iya diwenehi. Takeran kang apik, kang ditetel-tetel, kang dioyog lan kang luber, bakal kaesokake ing pangkonmu, amarga ukuran kang kokanggo ngukur, iku iya bakal kanggo ngukur kowe."

[39] Gusti Yesus banjur ngandika maneh marang wong-wong mau kalawan pasemon mangkene: "Wong picak apa bisa nuntun wong

picak? Apa karone ora bakal kecemplung ing
luwangan?
[40] Murid iku ora ngungkuli gurune, nanging
sing sapa wis tamat pasinaone, bakal padha
karo gurune.
[41] Yagene kowe nyumurupi tatal kang ana
ing mripate sadulurmu, mangka glondhong
kang ana ing mripatmu, kowe ora sumurup?
[42] Kapriye dene kowe bisa tutur marang
sadulurmu: Sadulur, tatal kang ana ing
mripatmu iku dakilangane. Mangka glondhong
kang ana ing mripatmu, kowe ora sumurup.
Heh, wong lamis, glondhong kang ana
ing mripatmu iku ilangana dhisik, temah
kowe bakal bisa ndeleng kalawan cetha lan
bisa ngilangi tatal kang ana ing mripate
sadulurmu!”

Wit lan wohe

6:43-45

Mt 12:33-35

[43] “Amarga ora ana wit kang becik kang
metokake woh kang ala, lan iya ora ana wit
kang ala kang metokake woh kang becik.
[44] Sabab saben wit iku ketitik saka wohe. Awit
ora ana woh anjir dipethik saka tethukulan
eri, lan ora ana woh anggur diundhuh saka
grumbul eri. [45] Wong kang becik iku metokake
barang kang becik saka ing simpenaning atine
kang becik, dene wong kang ala iku metokake
barang kang ala saka ing simpenaning atine

kang ala. Sabab kang diucapake dening cangkem, iku mbludag saka ing sajroning ati.”

Bab krungu lan nglakoni

6:46-49

Mt 7:24-27

46 “Geneya kowe kok nyebut Aku: Gusti,
Gusti, mangka kowe padha ora nglakoni
pituturKu? 47 Saben wong kang marani Aku
lan ngrungokake pituturKu sarta ditindakake
-- kowe Daksumurupake wong iku kena
dipadhakake sapa --. 48 Iku padhane kaya
wong kang ngedegake omah: Wong iku
gawe kalenan kang jero, sarta pandhemene
kapasang ing padhasan. Bareng ana banjir
lan banjir mau nrajang omah iku, omah iku
ora bisa gonjing amarga santosa banget.
49 Nanging sing sapa ngrungokake pituturKu
mangka ora dilakoni, iku padhane kaya wong
kang ngadegake omah tanpa pandhemen.
Bareng ana banjir kang nrajang, omah iku
ambruk, sarta banget rusake omah iku.”

Gusti Yesus nyarasake abdi opsir ing Kapernaum

7:1-10

Mt 8:5-13 Yo 4:46-53

7 1 Bareng wis rampung anggone ngandika
marang wong akeh, Gusti Yesus banjur
lumebet ing kutha Kapernaum. 2 Ing kono ana
sawijining opsir penatus kang duwe batur,

kang banget kanggepe, iku lara banget lan
wis meh mati. 3 Bareng opsir mau krungu bab
Gusti Yesus, tumuli kongkonan pinituwane
wong Yahudi sawatara, sowan ing ngarsane,
nyuwun supaya Panjenengane karsa rawuh
nyarasake batur mau. 4 Wong-wong mau
iya banjur sowan sarta nyuwun tulung
kanthi adreng, ature: "Tiyang punika pantes
kapitulungan, 5 amargi tresna dhateng
bangsa kita, saha inggih tiyang punika
ingkang ngyasakaken kita papan pangibadah."
6 Gusti Yesus banjur tindak bebarengan karo
wong-wong mau. Bareng wis cedhak karo
omahe opsir iku, opsir iku kongkonan mitrane
matur marang Panjenengane: "Dhuh, Gusti,
mugi sampun dados damel Paduka, amargi
kawula boten pantes Paduka rawuhi; 7 awit
saking punika kawula inggih sampun rumaos
boten pantes sowan ing ngarsa Paduka.
Nanging Paduka mugi karsaa ngandika
satembung kemawon, rencang kawula tamtu
badhe saras. 8 Amargi kawula piyambak
inggih tiyang ingkang kaprentah, sarta inggih
mbawahaken prajurit. Manawi kawula aken
dhateng salah satunggaling prajurit punika:
Lungaa, piyambakipun inggih lajeng kesah.
Punapa dene manawi kawula aken dhateng
satunggalipun: Mrenea, inggih lajeng dhateng;
utawi dhateng rencang kawula: Iki tindakna,
inggih lajeng dipun tindakaken." 9 Bareng
Gusti Yesus midhanget atur mangkono iku,
Panjenengane eram, nuli minger mirsani wong
akeh kang padha ndherek lan ngandika: "Aku

pitutur marang kowe, pangandel kang samene gedhene iki Aku durung tau tumon, sanadyan ing antarane wong Israel!”
[10] Bareng kongkonan mau wis padha bali lan wis tekan ing ngomah, bature wis ketemu waras.

Anak randha ing Nain kauripake

7:11-17

[11] Sawise iku Gusti Yesus tindak menyang ing sawijining kutha kang aran Nain. Para sakabate padha ndherekake, lan iya ana wong akeh kang padha gumrudug melu
ndherek uga. [12] Bareng tindake wis cedhak karo sakethenging kutha, ana layon kapikul metu, iku anak ontang-anting, embokne wis randha. Akeh wong saka ing kutha kang
padha ngiringake. [13] Nalika Gusti mirsa randha mau, trenyuh banget panggalihe marga saka welase, banjur ngandika marang
randha mau: “Aja nangis!” [14] Gusti Yesus banjur nyelaki bandhosa, lan didemek. Kang padha mikul mandheg. Gusti ngandika: “He, bocah anom, Aku dhawuh marang kowe:
Tangia!” [15] Kang mati tumuli njenggelek, linggih lan wiwit guneman, banjur dipasrahake
marang embokne. [16] Kabeh wong padha wedi lan banjur padha ngluhurake Gusti Allah, pangucape: “Ana nabi agung kang jumeneng ing tengah-tengah kita, sarta Gusti Allah wis
nuweni umate.” [17] Pawarta bab Gusti Yesus

iku banjur sumebar ing satanah Yudea lan ing
tanah-tanah sakiwa tengene kabeh.

Gusti Yesus lan Nabi Yokanan Pambaptis

7:18-35

Mt 11:2-19

[18] Nalika Nabi Yokanan mireng pawarta
bab lelakon iku kabeh saka para sakabate,
[19] banjur nimbali sakabate loro, kadhawuhan
matur marang Gusti: “Punapa Paduka punika
ingkang pinasthi rawuh, punapa kawula
taksih kedah ngentosi sanesipun?” [20] Bareng
wis padha ana ing ngarsane Gusti Yesus,
banjur matur: “Kawula sami kautus dening
Nabi Yokanan Pambaptis, kadhawuhan matur
pitaken: Punapa Paduka punika ingkang
pinasthi rawuh, punapa kawula taksih kedah
ngentosi sanesipun?” [21] Nalika samana Gusti
Yesus pinuju nyarasake wong akeh kang padha
nandhang sawarnaning lelara lan memala
sarta kang kasurupan dhemit, apadene akeh
wong picak kang padha kaparingan pandeleng.
[22] Gusti Yesus banjur paring wangsulan,
pangandikane: “Padha mundura, aturna
marang Nabi Yokanan apa kang kok deleng lan
kokrungu: Wong picak padha ndeleng, wong
lumpuh padha lumaku, wong budhugen padha
kabirat najise, wong budheg padha krungu,
wong mati padha katangekake, lan wong
mlarat padha kawartanan Injil. [23] Lan rahayu
wong kang ora kecuwan ing bab Aku.”

24 Bareng utusane Nabi Yokanan wis padha
mundur, Gusti Yesus banjur wiwit medhar
pangandika marang wong akeh iku bab Nabi
Yokanan, mangkene: “Apa prelumu menyang
ing ara-ara samun? Ndeleng glagah kang
mobat-mabit marga kanginan? 25 Utawa arep
apa kowe mrana iku? Apa arep ndeleng wong
kang manganggo sarwa alus? Wong kang
manganggo endah lan kang uripe mewah
iku panggonane ana ing kraton. 26 Dadi apa
prelumu mrana? Apa ndeleng nabi? Iya bener,
lan Aku pitutur marang kowe, malah ngungkuli
nabi. 27 Awit ana pangandika bab dheweke,
mangkene:

Lah Ingsun dhawuh marang utusaningSun
supaya ndingini Sira,
lan nyawisake dalaniRa ana ing ngarepiRa.

28 Aku pitutur marang kowe: Ing antarane
wong kang kalairake dening wong wadon ora
ana kang ngungkuli Nabi Yokanan, nanging
kang cilik dhewe ana ing Kratoning Allah
iku ngungkuli dheweke.” 29 Wong akeh kang
padha ngrungokake pangandikane, kalebu uga
para juru-mupu-beya, kabeh padha nganggep
marang adiling Pangeran, amarga wis padha
dibaptis dening Nabi Yokanan. 30 Nanging para
wong Farisi lan para ahli Toret padha nampik
marang karsane Gusti Allah tumrap awake
dhewe, sarana anggone padha ora gelem
dibaptis dening Nabi Yokanan.

31 Gusti Yesus banjur ngandika: “Wong jinis
iki bakal Dakupamakake apa lan apa padhane?
32 Wong-wong iku upamane kaya bocah-bocah

kang linggih ana ing pasar lan kang padha ngucap saur-sauran:

Kowe wis padha daksulingi, kok ora njoged.
Aku wis padha ngidungake kidung
pangadhuh, kowe kok ora nangis.

33 Marga saka tekane Nabi Yokanan
Pambaptis iku ora mangan roti sarta ngombe
anggur, kowe banjur calathu: Iku wong
kepanjingan dhemit. 34 Sawise iku Putraning
Manungsa rawuh, Panjenengane dhahar lan
ngunjuk. Kowe banjur calathu: Delengen, Iku
rak wong grangsangan lan karem anggur,
kancane para juru-mupu-beya lan wong
dosa. 35 Nanging kawicaksananing Allah iku
kabenerake dening sakehing wong kang padha
nampani."

Gusti Yesus dijebadi dening wong wadon tunasusila

7:36-50

36 Tumuli ana salah sawijining wong Farisi
kang ngaturi dhahar Gusti Yesus ana ing
omahe. Gusti Yesus iya banjur rawuh, nuli
lenggah dhahar. 37 Ing kutha kono ana
wong wadon kang wis kondhang anggone
dadi wong dosa. Nalika krungu, yen Gusti
Yesus lagi dhahar ana ing omahe wong
Farisi mau, dheweke banjur mrono karo
nggawa gendul marmer isi lenga wangi, 38 nuli
ngadeg karo nangis ana ing sawingkinge
sampeyane Gusti Yesus, nganti luhe crocosan
nibani sampeyane, banjur diusapi kalawan

rambute, diujungi sarta dijebadi kalawan
lengane wangi mau. 39 Bareng wong Farisi
kang ngaturi rawuh Gusti Yesus weruh
kang kaya mangkono iku, dheweke banjur
duwe osik mangkene: "Manawa Dheweke
iku Nabi, mesthine ngreti, sapa lan wong
apa sing nggepok awake iku; mesthi ngreti,
yen iku wong dosa." 40 Gusti Yesus banjur
ngandika marang dheweke: "Simon, ana
prakara kang arep Dakkandhakake marang
kowe." Simon mangsuli, ature: "Sumangga,
kapangandikakna, Guru."
41 "Ana wong loro kang padha duwe utang
marang wong potang, kang siji limang atus
dinar, sijine seket dinar. 42 Sarehne padha ora
bisa nyaur, kang potang banjur nglilakake
utange wong loro mau. Wong loro iku sing
endi sing luwih tresna marang dheweke?"
43 Atur wangsulane Simon: "Kula kinten inggih
ingkang sambutanipun kathah, lajeng dipun
lilakaken punika." Pangandikane Gusti Yesus:
"Bener penemumu iku." 44 Banjur ngandika
marang Simon maneh kalawan mirsani wong
wadon mau: "Kowe weruh wong wadon iki?
Aku mau mlebu ing omahmu, kowe ora menehi
banyu kanggo wisuh sikil, nanging wong iki
nelesi sikilKu nganggo luh, banjur diusapi
kalawan rambute. 45 Kowe ora ngambung
Aku, nanging wiwit nalika Aku lumebu, wong
wadon iki tansah ngambungi sikilKu. 46 Kowe
ora nglengani sirahKu, nanging wong wadon
iki njebadi sikilKu nganggo lenga wangi.
47 Mulane Aku pitutur marang kowe: Dosane

kang akeh iku wis kaapura, amarga wis
nindakake katresnan akeh. Nanging kang
kaapura sathithik, iya nindakake katresnan
sathithik.” 48 Banjur ngandika marang wong
wadon mau: “Dosamu wis kaapura.” 49 Wong
kang padha linggih mangan bebarengan karo
Panjenengane, padha mosik mangkene: “Sapa
ta, Dheweke iku, dene kok nganti bisa ngapura
dosa?” 50 Nanging Gusti Yesus nuli ngandika
marang wong wadon mau: “Pangandelmu
kang mitulungi kowe, mundura kalawan
tentrem rahayu!”

Para wong wadon kang ngladosi Gusti Yesus

8:1-3

8 1 Sawise iku ora let suwe Gusti Yesus
banjur tindak njajah kutha-kutha lan
desa-desa martakake Injil Kratoning Allah,
kadherekake dening sakabate rolas, 2 lan
uga dening wong wadon sawatara kang wis
padha kawarasake anggone kasurupan dhemit
utawa anggone nandhang lelara warna-warna,
yaiku Maryam kang karan Magdalena, kang
wis katundhung dhemite pitu, 3 Yohana,
somahe Khuza, juru-gedhonge Sang Prabu
Herodhes, Susana lan liyane maneh isih akeh.
Wong-wong wadon iki padha ngladeni Gusti
sapandhereke kalawan barang darbeke.

Pasemon juru nyebar

8:4-15

Mt 13:1-23 Mk 4:1-20

4 Nalika wong akeh padha gumrudug teka,
yaiku wong-wong kang saka ing kutha
ngendi-endi, Gusti Yesus banjur ngandika
kanthi pasemon: 5 "Ana juru nyebar metu
nyebar wijine, saperangan tumiba ing pinggir
dalan, banjur kapidak-pidak ing wong lan
manuk-manuk ing awang-awang padha nucuki
nganti entek. 6 Ana kang tumiba ing padhasan,
lan bareng wis thukul banjur garing, amarga
ora oleh bnayu. 7 Ana maneh kang tumiba
ing satengahe thethukulan eri, banjur thukul
bebarengan, temahan wijine mati kelindhih.
8 Lan ana uga kang tumiba ing lemah becik,
iku thukul sarta metu wohe tikel satus."
Sawise ngandika mangkono Gusti Yesus banjur
nguwuh mangkene: "Sapa kang duwe kuping
kanggo ngrungokake, ngrungokna!"
9 Para sakabate padha matur pitakon,
apa tegese pasemon mau. 10 Gusti Yesus
tumuli mangsuli, pangandikane: "Kowe kang
padha diparengake nyumurupi kekerane
Kratoning Allah, nanging wong liyane padha
kaparingan kang adhapur pasemon, supaya
sanadyan padha ndeleng, ora weruh, lan
sanadyan padha krungu, ora ngreti. 11 Dene
pasemon mau tegese mangkene: Wiji iku
pangandikaning Allah. 12 Kang tumiba ing
pinggir dalan iku wong kang wis padha

krungu, banjur diparani Iblis, pangandika
mau tumuli diilangi saka ing sajroning atine,
supaya aja padha pracaya lan kapitulungan
rahayu. 13 Kang tumiba ing padhasan iku wong
kang bareng krungu pangandika mau banjur
ditampani kalawan bungah, nanging iku ora
ana oyode, anggone pracaya mung sadhela lan
bareng kena cobaning ngaurip banjur padha
murtad. 14 Kang tumiba ing thethukulan eri iku
wong kang padha ngrungokake pangandika,
nanging sajrone thukul iku tumuli kelindhih ing
rasa sumelang, kasugihan lan kanikmataning
ngaurip satemah ora bisa metokake woh
kang mateng. 15 Anadene kang tumiba ing
lemah becik iku wong kang sawise padha
ngrungokake pangandika, tumuli disimpen ing
sajroning ati kang becik, sarta mantep lan
metokake woh."

Pasemon bab diyan

8:16-18

Mk 4:21-25

16 "Ora ana wong nyumed diyan, kok banjur
ditutupi ing wewadhah utawa didekek ing
longan, nanging mesthi tumuli ditumpangake
ing jodhog, supaya kabeh wong kang lumebu
ing omah padha bisa ndeleng padhange.
17 Sabab ora ana barang kasidhem, kang
ora bakal kasumurupan, ora ana wadi, kang
ora bakal kaweruhan temahan kawiyak.
18 Awit saka iku, patrapmu ngrungokake iku
gatekna. Amarga sapa kang duwe iku bakal

kaparingan, nanging sing sapa ora duwe, iku bakal kapundhutan dalah apa kang kanyana duweke.”

Kulawargane Gusti Yesus

8:19-21

Mt 12:46-50 Mk 3:31-35

19 Gusti Yesus banjur dipurugi dening kang
ibu lan sadherek-sadhereke, nanging marga
saka akehe wong, ora bisa padha ketemu.
20 Tumuli ana wong kang ngunjuki uninga,
ature: “Ingkang ibu saha sadherek-sadherek
Paduka wonten ing jawi badhe kepanggih
kaliyan Paduka.”
21 Nanging Panjenengane
mangsuli, pangandikane: “IbuKu lan sadulur-
sadulurKu iku wong kang padha ngrungokake
pangandikaning Allah lan banjur dilakoni.”

Gusti Yesus nyirep prahara

8:22-25

Mt 8:23-27 Mk 4:35-41

22 Ing sawijining dina Gusti Yesus nitih
prau kadherekake para sakabate, tumuli
padha dipangandikani mangkene: “Ayo padha
menyang ing sabranging sagara.” Banjur
padha mangkat.
23 Nalika lagi padha lelayaran
iku, Gusti Yesus kesaren. Dumadakan ana
prahara ing sagara kono, satemah praune
kisenan banyu, mbebayani.
24 Para sakabat
banjur sowan, ngwungu Gusti Yesus, unjuke:
“Guru, Guru, kawula sami katiwasan!”

Panjenengane iya tumuli wungu, angin lan
banyu kang ngamuk iku padha didukani,
temah lerem, kaananing sagara dadi anteng.
25 Panjenengane nuli ngandika: “Pangandelmu
iku ana ing ngendi?” Kabeh padha wedi lan
kaeraman, sarta padha sapocapan mangkene:
“Sapa baya Panjenengane iku, dene nganti
angin lan banyu padha ngestokake dhawuhe?”

Wong kepanjingan dhemit ing kutha Gerasa kawaluyakake

8:26-39

Mt 8:28-34 Mk 5:1-20

26 Kacarita lakune wis tekan ing tanahe
wong Gerasa, ing sabrange tanah Galilea.
27 Bareng Gusti Yesus wis minggah ing
dharatan, tumuli ana wong lanang saka
ing kutha kono kang sowan ing ngarsane,
wong iku kepanjingan dhemit akeh, sarta wis
suwe anggone ora nganggo sandhangan lan
ora saba ing omah, nanging mung ana ing
pakuburan bae.
28 Nalika ndeleng Gusti Yesus
banjur mbengok lan sumungkem ing bumi
ana ing ngarsane sarta banjur matur kalawan
swara sora: “Punapa urusan Paduka kaliyan
kawula, dhuh Sang Yesus, Putraning Allah
ingkang Mahaluhur? Kawula nyuwun, mugi
Paduka sampun ngantos misakit kawula.”
29 Anggone matur mangkono iku amarga Gusti
Yesus wis dhawuh supaya dhemite padha
metu saka wong mau. Awit wong iku wis
kerep dilarak-larak ing dhemit mau, mulane

minangka panjagane banjur dirante lan
diblenggu, nanging tumuli dibedhat, wonge
nuli digiring dening dhemite menyang ing
papan-papan kang sepi. 30 Gusti Yesus banjur
ndangu: “Sapa jenengmu?” Atur wangsulane:
“Legion,” awit dhemit kang nyurupi iku akeh.
31 Dhemit-dhemit iku nuli nyuwun marang
Gusti Yesus, aja nganti didhawuhi lumebu ing
juranging pati.
32 Kacarita ing kono ana babi kang akeh
banget cacahe kang lagi padha mangan ana
ing ereng-erenging gunung. Dhemit-dhemit
mau banjur nyuwun, supaya diparengake
lumebu ing babi-babi iku. Iku diparengake.
33 Dhemit-dhemit mau banjur padha metu
lan manjing ing babi. Pepanthan babi iku
tumuli gumrudug mlayu ing tepining jurang
lan ambyur ing sagara dadi lan patine.
34 Bareng para pangon babi padha nyumurupi
lelakon mangkono iku, banjur padha mlayu
lan nyritakake bab iku ana ing kutha
lan ing kampung-kampung ing sakiwa
tengene. 35 Wong-wong nuli padha metu
arep nyumurupi apa kang mentas kalakon.
Banjur padha sowan ing ngarsane Gusti
Yesus sarta padha nyumurupi wong kang
wis ditinggal dening setan-setane mau
linggih cedhak ing sampeyane Gusti Yesus,
wis manganggo lan wis waras. Wasana
padha wedi. 36 Wong-wong kang wis padha
nyumurupi dhewe iku padha martani marang
kang lagi padha teka iku, kapriye anggone
wong kang kepanjingan dhemit iku kaluwaran.

37 Wasana kabeh wong ing laladane tanah
Gerasa padha nyuwun marang Gusti Yesus,
supaya karsaa linggar saka ing kono, marga
padha wedi banget. Panjenengane banjur
minggah ing prau lan wangsul nyabrang.
38 Wong kang wus koncatan dhemit mau
nyuwun supaya diparengna ndherek, nanging
Gusti Yesus ndhawuhi lunga, pangandikane:
39 "Kowe muliha menyang ing omahmu
lan martak-martakna kabeh apa kang wis
katandukake dening Allah marang kowe."
Wong mau iya banjur lunga lan ndlajahi
Sakutha kabeh kalawan nyritakake apa kang
wis katindakake dening Gusti Yesus tumrap
ing awake.

Anake Yairus lan wong wadon lara nggrajag getih

8:40-56

Mt 9:18-26 Mk 5:21-43

40 Kacarita bareng Gusti Yesus wangsul,
banjur dipethuk dening wong akeh, awit kabeh
pancen padha ngenteni rawuhe. 41 Banjur ana
wong kang sowan, jenenge Yairus, lurah papan
pangibadah, nuli tumungkul sujud ana ing
ngarsane Gusti Yesus, nyuwun supaya Gusti
Yesus karsaa rawuh ing omahe, 42 amarga
anake wadon ontang-anting, kang kira-kira
umur rolas taun meh mati. Gusti Yesus nalika
tindak mrana, sarirane kadhesek-dhesek ing
wong akeh.

43 Nalika samana ana wong wadon kang
lara nggrajag getih wis rolas taun lawase,
ora waras-waras, sanadyan wis ditambani
sapa bae. 44 Iku banjur maju nyedhaki
Gusti Yesus saka ing wingking lan ndemek
gombyoking jubahe. Padha sanalika pampet
anggone nggrajag getih. 45 Gusti Yesus banjur
ngandika: "Sapa kang ndemek Aku?" Sarehne
ora ana sing ngaku, Petrus nuli matur:
"Guru tiyang kathah sami ngrubung lan sami
ndhesek Paduka makaten." 46 Nangig Gusti
Yesus ngandika: "Ana wong kang ndemek
Aku, sabab Aku krasa ana daya kang metu
saka ing Aku." 47 Bareng wong wadon iku
mau ngreti, yen kauningan, banjur marek
kalawan gumeter, sumungkem ing ngarsane
apadene tumuli mratelakake marang wong
akeh, apa sababe ndemek Panjenengane
sarta anggone sanalika banjur waras. 48 Gusti
Yesus nuli ngandika marang wong mau: "He,
anakKu, pangandelmu kang wis mitulungi
kowe, mundura kalawan tentrem rahayu!"
49 Nalika Gusti Yesus isih ngandika, ana
krabate kepala papan pangibadah iku kang
teka lan matur: "Ingkang putra sampun
tilar donya. Sampun ngribedi Sang Guru."
50 Nanging Gusti Yesus mireng sarta banjur
ngandika marang Yairus: "Aja wedi, kumandela
bae, anakmu bakal slamet." 51 Sarawuhe ing
omahe Yairus, Gusti Yesus ora marengake
wong siji-sijia ndherek mlebu Panjenengane,
kajaba Petrus, Yokanan lan Yakobus tuwin
bapakne sarta ibune bocahe. 52 Kabeh wong

padha nangisi bocahe kalawan ngadhuh-
adhuh. Nanging Gusti Yesus ngandika: “Aja
padha nangis, bocahe ora mati, mung turu.”
53 Kabeh padha nggeguyu Panjenengane,
amarga padha weruh, yen bocahe wis mati.
54 Gusti Yesus banjur ngasta tangane kang
mati sarta nguwuh, pangandikane: “He, ngger,
tangia!” 55 Nyawane bocah mau tumuli bali
lan sanalika iku uga bocahe tangi. Gusti
Yesus banjur dhawuh menehi mangan.
56 Wong tuwane bocah mau padha kaeraman,
nanging padha diwaleri, ora diparengake
martak-martakake lelakon mau marang wong.

Para rasul padha kautus

9:1-6

Mt 10:5-15 Mk 6:7-13

9 1 Kacarita Gusti Yesus nimbali sakabate
rolas, padha kaparingan kasekten lan
panguwasa misesani dhemit lan marasake
lelara. 2 Banjur padha diutus martakake
Kratoning Allah lan marasake wong lara,
3 sarta padha dipangandikani mangkene: “Aja
padha nggawa apa-apa kanggo ana ing dalan,
aja nggawa teken utawa sangu roti utawa
dhuwit, utawa klambi rangkep. 4 Lan manawa
kowe wis ditampani ana ing sawijining omah,
kowe terusa ana ing kono lan anggonmu
mbacutake lakumu iya sakaa ing kono. 5 Dene
manawa ana wong kang ora gelem nampani
kowe, metua saka ing kutha kono lan ketabna
lebu kang ana ing sikilmu, iku minangka

pepenget tumrap wong mau.” 6 Para sakabat
banjur padha mangkat njajah sakehing
padesan, ngabarake Injil sarta marasake wong
lara saenggon-enggon.

Sang Prabu Herodhes lan Gusti Yesus

9:7-9

Mt 14:1-12 Mk 6:14-29

7 Kocapa Sang Prabu Herodhes, nata-wilayah,
mireng sakabehing lelakon mau, banjur
rumaos kemengan, awit ana wong kang
kandha, yen Nabi Yokanan wungu saka ing
antarane wong mati. 8 Ana maneh kang
kandha, yen Nabi Elia ngatingal maneh, lan
uga ana kang kandha, yen salah sawijining
nabi jaman kuna wungu. 9 Nanging Sang
Prabu Herodhes ngandika: “Yokanan wis
daktigas gulune. Sapa ta Wong iki, kang wis
kawartakake mangkono iku?” Tumuli ngudi
bisane ketemu karo Gusti Yesus.

Gusti Yesus maringi mangan wong limang ewu

9:10-17

Mt 14:13-21 Mk 6:30-44 Yo 6:1-14

10 Bareng para rasul wis padha bali, padha
matur marang Gusti Yesus bab apa kang wis
padha katindakake. Banjur padha didhawuhi
ndherek nyingkir menyang ing sawijining
kutha kang aran Betsaida, dadi mung para
sakabat karo Panjenengane bae. 11 Nanging

wong akeh iya padha weruh, lan tumuli padha
nututi. Kabeh padha ditampani dening Gusti
Yesus lan padha dipangandikani bab Kratoning
Allah. Dene kang nandhang lelara padha
kawarasake.
12 Bareng wis sore para sakabat rolas padha
sowan ing ngarsane sarta matur: "Tiyang
kathah punika bok sami dipun dhawuhi kesah
dhateng dhusun utawi kampung-kampung
sakiwa tengenipun ngriki, pados pasipengan
saha tedha, amargi kita wonten ing ngriki
punika wonten ing panggenan ingkang sepi."
13 Nanging banjur padha dipangandikani:
"Kowe bae padha menehana mangan!" Atur
wangsulane: "Punika namung wonten roti
gangsal kaliyan ulam loh kalih, kajawi ta
manawi kawula lajeng sami kesah tumbas
tetedhan kangge sadaya tiyang punika."
14 Amarga ing kono kira-kira ana wong lanang
limang ewu. Gusti Yesus banjur dhawuh
marang para sakabat: "Padha konen linggih
panthan-panthan, kira-kira nyeket-nyeket."
15 Para sakabat padha ngestokake dhawuh
mau, kabeh wong dikon linggih. 16 Gusti
Yesus nuli mundhut roti lima lan iwak loh
loro mau, banjur tumenga ing langit, tumuli
paring berkah lan sawise mangkono rotine
banjur dicuwil-cuwil diparingake marang para
sakabat supaya diratakake marang wong
akeh. 17 Kabeh padha mangan nganti wareg.
Turahane diklumpukake dadi rolas wakul.

Petrus nglairake pracayane

9:18-21

Mt 16:13-20 Mk 8:27-30

[18] Ing sawijining dina nalika Gusti Yesus
pinuju ndedonga piyambakan, para sakabate
padha sowan ing ngarsane. Banjur padha
didangu: “Wong akeh iku padha ngarani Aku
iki sapa?” [19] Atur wangsulane: “Nabi Yokanan
Pambaptis. Wonten ugi ingkang mastani Nabi
Elia, wonten malih ingkang mastani salah
satunggaling nabi ing jaman kina ingkang
sampun wungu.” [20] Gusti Yesus nuli ndangu
marang para sakabat: “Lah yen kowe, Aku
iki kokarani sapa?” Atur wangsulane Petrus:
“Sang Kristusipun Gusti Allah.” [21] Banjur padha
diwaleri dening Gusti Yesus, ora diparengake
ngandhakake bab iku marang wong.

Gusti Yesus paring sumurup kang kapisan bab anggone bakal nandhang sangsara

Sarat-sarate wong ndherek Panjenengane

9:22-27

Mt 16:21-28 Mk 8:31--9:1

[22] Gusti Yesus ngandika maneh: “Putraning
Manungsa iku pinesthi nandhang sangsara
akeh sarta katampik dening para pinituwa
lan para pangareping imam apadene para
ahli Toret, nuli disedani, lan ing telung
dinane bakal kawungokake.” [23] Kabeh banjur

padha dipangandikani: “Saben wong kang
kepengin ngetutburi Aku, iku kudu nyingkur
awake dhewe, saben dina manggul salibe
lan ngetutake Aku. 24 Sabab sing sapa
kumudu-kudu rumeksa marang nyawane, iku
bakal kelangan nyawane; nanging sing sapa
kelangan nyawane marga saka Aku, iku bakal
nylametake nyawane. 25 Apa gunane wong bisa
ndarbeni donya iki kabeh, yen banjur tiwas lan
nandhang kapitunan awake dhewe? 26 Awit
sing sapa isin marga saka Aku lan pituturKu,
Putraning Manungsa iya bakal lingsem marga
saka wong iku, besuk manawa Panjenengane
rawuh kanthi kamulyane piyambak, lan
kamulyane Sang Rama sarta para malaekat
suci. 27 Aku pitutur marang kowe: Satemene
ing antarane wong kang ana ing kene iki,
ana kang bakal padha ora ngrasakake pati,
manawa durung nyumurupi Kratoning Allah.”

Gusti kamulyakake ana ing gunung

9:28-36

28 Kira-kira wolung dina sawise paring
piwulang mau kabeh, Gusti Yesus banjur
minggah ing gunung arep ndedonga; Petrus,
Yokanan lan Yakobus kadhawuhan ndherek.
29 Kacarita, nalika Panjenengane ndedonga
iku, pasuryane banjur santun, pangagemane
dadi putih mancorong. 30 Tumuli ana priya loro
padha imbal pangandika karo Panjenengane,
yaiku Nabi Musa lan Nabi Elia. 31 Karone padha
ngatingal ngagem kamulyan, sarta padha

reraosan bab anggone Gusti Yesus bakal
tindak menyang ing Yerusalem ngrampungake
pakaryane. [32] Nalika samana Petrus sakancane
padha keturon; bareng tangi padha ndeleng
Gusti Yesus sajroning kamulyane, lan priya
loro kang padha jumeneng cedhak. [33] Kocapa,
bareng priya loro mau lagi padha arep mundur
saka ing ngarsane, Petrus munjuk marang
Gusti Yesus: "Guru, kawula sadaya sami
rumaos begja sanget wonten ing ngriki. Mugi
kawula sami kalilana sapunika damel tarub
tiga, satunggal kagem Paduka, satunggal
kagem Nabi Musa, satunggalipun kagem Nabi
Elia." Nanging Petrus ora ngreti apa kang
diaturake iku. [34] Sajrone matur mangkono
iku banjur ana mega teka ngayomi. Bareng
padha kalimputan ing mega mau padha wedi.
[35] Ing mega kono tumuli ana swara keprungu
mangkene: "Iki PutraningSun kang Sunpilih,
padha estokna dhawuhe!" [36] Nalika swara iku
keprungu, Gusti Yesus ketingal piyambakan.
Para sakabat padha nyimpen lelakon iku lan
nalika samana padha ora martakake apa kang
kadeleng mau marang sapa-sapa.

Gusti Yesus nundhung dhemite bocah ayan

9:37-43a

Mt 17:14-21 Mk 9:14-29

[37] Esuke, bareng padha mudhun saka ing
gunung, ana wong akeh kang gumrudug
sowan ing ngarsane Gusti Yesus. [38] Ana siji

kang nguwuh, unjuke: “Gusti, kawula nyuwun,
mugi Paduka karsaa mirsani anak kawula,
anak kawula namung satunggal punika.
39 Saben-saben piyambakipun dipun tempuh
dening dhemit, lajeng dadakan njerit, nunten
dipun ontang-antingaken ngantos muruh
cangkemipun. Dhemit punika tanpa kendel
anggenipun nyiksa saha meh boten nate
purun ngeculaken. 40 Kawula sampun nedha
tulung dhateng para sakabat Paduka, supados
nundhung dhemit punika, nanging boten
saged.” 41 Gusti Yesus banjur ngandika: “Heh,
jinis kang ora pracaya lan kang keblinger,
nganti pira lawase anggonKu kudu tetunggalan
karo kowe lan nyabari kowe? Anakmu gawanen
mrene!” 42 Lan nalika bocah mau nyedhaki
Gusti Yesus, banjur dibanting dening dhemite
lan diontang-antingake. Nanging dhemit
mau nuli didukani dening Gusti Yesus lan
bocahe diwarasake sarta dipasrahake marang
bapakne. 43 Kabeh wong padha kaeraman,
marga saka nyumurupi kuwasaning Allah kang
samono gedhene iku.

Gusti Yesus paring sumurup kaping pindhone bab anggone bakal nandhang sangsara

9:43b-45

Mt 17:22-23 Mk 9:30-32

(17-43b) Nalika wong kabeh isih padha kaeraman awit saka sakehe pandamele, Gusti Yesus tumuli ngandika marang para sakabate:

44 “Rungokna lan wigatekna kabeh tembungKu
iki: Putraning Manungsa bakal diulungake
marang tanganing wong.” 45 Nanging para
sakabat ora ngreti marang pangandika iku,
amarga tegese isih peteng tumrap dheweke
kabeh, mulane ora bisa mudheng. Ewasamono
padha ora wani miterang bab pangandika
mau.

Bab sapa sing pinunjul ing antarane para sakabat

9:46-48

Mt 18:1-5 Mk 9:33-37

46 Kacarita para sakabat padha padudon
bab sapa sing pinunjul saka ing antarane.
47 Nanging Gusti Yesus ora kekilapan tumrap
pikirane wong-wong iku. Banjur mundhut
bocah cilik siji, diadegake ing sandhinge
48 sarta ngandika marang para sakabate: “Sing
sapa nampani bocah iki atas saka jenengKu,
dadi Aku kang ditampani; lan sing sapa
nampani Aku, iku dadi nampani kang ngutus
Aku. Awit kang cilik dhewe ing antaramu
kabeh, iku kang gedhe dhewe.”

Kang ora nyulayani dadi nyarujuki

9:49-50

Mk 9:38-40

49 Yokanan tumuli matur: “Guru, kawula
sami sumerep tiyang nundhung dhemit atas
asma Paduka, lajeng kawula penging, amargi

sanes patunggilan kita.”
50 Gusti Yesus banjur ngandika: “Aja kokpenggak, sabab sing sapa ora nyulayani marang kowe, iku dadi nyarujuki.”

Gusti Yesus katampik dening wong Samaria

9:51-56

51 Bareng wis cedhak wektune anggone bakal kasengkakake menyang ing swarga, Gusti Yesus banjur nggalih arep tindak menyang ing Yerusalem,
52 tumuli ngirimake utusan sawatara, kang ndhisiki Panjenengane. Iku padha mangkat, banjur padha lumebu ing sawijining desane wong Samaria arep cecawis kagem Panjenengane.
53 Nanging wong-wong Samaria padha ora gelem nampani rawuhe, amarga anggone tindak iku menyang Yerusalem.
54 Nalika sakabate loro, yaiku Yakobus lan Yokanan, nyumurupi kang mangkono iku, banjur matur: “Gusti, punapa Paduka ngarsakaken supados kawula sami ndhatengaken latu saking langit, numpes tiyang-tiyang punika?”
55 Nanging Gusti Yesus nuli minger ndukani sakabat-sakabat mau.
56 Banjur padha mlembar menyang ing desa liyane.

Bab ndherek Gusti Yesus

9:57-62

Mt 8:19-22

57 Nalika padha mbacutake lakune, ana
ing tengah dalan iku ana wong kang matur
marang Gusti Yesus: "Kawula badhe ngetut
wingking Paduka, dhatenga pundi kemawon
tindak Paduka." 58 Paring wangsulane Gusti
Yesus: "Asu ajag padha duwe rong lan
manuk padha duwe susuh, nanging Putraning
Manungsa ora kagungan papan kagem
nyelehake mustakane." 59 Banjur ngandika
marang wong liyane: "Melua Aku." Ature
wong mau: "Keparenga kawula kesah
ngubur bapak kawula rumiyin." 60 Nanging
pangandikane Gusti Yesus: "Cikben wong mati
padha ngubur wong mati, nanging kowe iku
lungaa, ngundhangna Kratoning Allah ana ing
ngendi-endi."
61 Lan ana liyane maneh kang matur:
"Kawula badhe ngetut wingking Paduka, Gusti,
nanging keparenga kawula pamitan rumiyin
dhateng brayat kawula." 62 Nanging Gusti
Yesus ngandika: "Saben wong kang wis nyekel
waluku, mangka banjur tumoleh marang kang
ana ing buri, iku ora pantes tumrap Kratoning
Allah."

Gusti Yesus ngutus sakabat pitung puluh

10:1-12

10 [1] Sawise iku Gusti nuding wong
pitung puluh maneh padha diutus
ngloro-ngloro ndhisiki Panjenengane, menyang
ing saben kutha lan panggonan kang bakal
dirawuhi. [2] Kabeh padha dipangandikani:
“Panene pancen gedhe, nanging sing derep
mung sathithik. Mulane padha nyenyuwuna
marang kang Kagungan panen, supaya
karsaa ngintunake wong-wong kang derep
ing panenan. [3] Padha mangkata, lah kowe
padha Dakutus kayadene cempe menyang
ing satengahe asu ajag. [4] Aja padha nggawa
kanthong utawa cangklong tuwin trumpah
sarta sajrone ana ing dalan iku aja uluk salam
karo sapa bae. [5] Manawa kowe lumebu ing
sawijining omah, padha ngucapa mangkene
dhisik: Tentrem rahayu mugi wontena ing
dalem ngriki. [6] Anadene manawa ing kono
ana anaking tentrem rahayu, ulukmu salam
bakal lestari ana ing kono. Manawa ora
ana, ulukmu salam bakal bali marang kowe.
[7] Kowe tetepa ana ing kono, mangana lan
ngombea apa kang disuguhake marang
kowe, amarga wong nyambut-gawe iku wis
samesthine oleh pituwas. Aja ngolah-ngalih
pamondhokmu. [8] Lan manawa kowe lumebu
ing sawijining kutha sarta ditampani ana
ing kono, mangana apa kang disuguhake
marang kowe, [9] wong kang padha lara ing

kono padha warasna, apamaneh wong-wong
padha tuturana: Kratoning Allah wis nyedhaki
kowe. [10] Nanging manawa kowe lumebu ing
sawijining kutha mangka kowe ora ditampani,
lungaa menyang ing dalan-dalan gedhe
ing kutha iku sarta nguwuha mangkene:
[11] Dalasan bleduging kuthamu kang tumempel
ing sikilku dakketabake ana ing ngarepmu,
nanging sumurupa: Kratoning Allah wis
cedhak. [12] Aku pitutur marang kowe: Ing dina
iku Sodom bakal luwih entheng tanggungane
katimbang karo kutha iku."

Gusti Yesus meca bab bakal katemahane kutha sawatara

10:13-16

Mt 11:20-24

[13] "Bilai kowe kutha Khorazim! Bilai kowe
kutha Betsaida! Amarga saupama ing kutha
Tirus lan ing kutha Sidon ana mukjijat-mukjijat
kaya kang kalakon ana ing tengah-tengahmu,
mesthi wis biyen-biyen anggone mratobat
kalawan manganggo bagor lan linggih ing
awu. [14] Nanging besuk ing dinane pangadilan
tanggungane Tirus lan Sidon bakal luwih
entheng katimbang karo kowe! [15] Apadene
kowe kutha Kapernaum, apa kowe bakal
kaluhurake nganti sundhul ing langit? Ora,
kowe bakal ambles tumeka ing teleng
palimengan.
[16] Sing sapa ngrungokake kowe, iku
ngrungokake Aku lan sing sapa nampik

marang kowe, iku nampik marang Aku. Mangka kang nampik marang Aku, iku nampik marang Panjenengane kang ngutus Aku.”

Baline para sakabat pitung puluh

10:17-20

17 Kacarita sakabat pitung puluh mau padha
bali kanthi bungah sarta padha munjuk:
“Gusti, dalasan para dhemit sami nungkul
dhateng kawula awit saking asma Paduka.”
18 Gusti Yesus banjur ngandika: “Aku ndeleng
Iblis tiba saka ing langit kaya cumlereting
kilat. 19 Lah kowe wis padha Dakparingi
panguwasa ngidaki ula lan kalajengking, tuwin
nahan kakuwataning mungsuh, satemah ora
ana kang mbebayani tumrap kowe. 20 Nanging
sanadyan mangkono, aja padha mbungahi
marga saka roh-roh iku padha nungkul
marang kowe, nanging padha bungaha marga
jenengmu wis katulisan ana ing swarga.”

Gusti Yesus ngaturake panuwun

10:21-24

Mt 11:25-27, 13:16-17

21 Ing nalika iku Gusti Yesus sukarena ing
sajroning panggalih banjur matur: “Dhuh,
Rama, Gustinipun langit kaliyan bumi. Kawula
ngunjukaken genging panuwun, dene prakawis
punika sadaya Paduka damel wados tumrap
para winasis, nanging Paduka lairaken dhateng
lare alit. Inggih, Rama, Kawula saos panuwun

wonten ing ngarsa Paduka, dene punika
ingkang dados keparenging panggalih Paduka.
22 Samubarang kabeh wis kapasrahake marang
Aku dening RamaKu lan ora ana wong kang
sumurup sang putra iku sapa, kajaba Sang
Rama, mangkono uga Sang Rama iku sapa,
kajaba Sang Putra lan wong kang kawedharan
dening Sang Putra, marga saka keparenging
panggalihe."
23 Sawise mangkono Gusti Yesus banjur
minger mirsani para sakabate sarta
dipangandikani piyambak: "Begja mripat
kang ndeleng apa kang padha kokdeleng.
24 Amarga Aku pitutur marang kowe: Akeh
nabi lan ratu kang kepengin nyumurupi
kang padha kokdeleng, nanging ora kalakon,
sarta kang kepengin ngrungokake apa kang
kokrungokake, nanging ora bisa kalakon."

Pasemon bab wong Samaria kang welasan

10:25-37

25 Ing sawijining dina ana ahli Toret ngadeg
sumedya nyoba marang Gusti Yesus, ature:
"Guru, punapa ingkang kedah kula lampahi,
amrih kula angsal gesang langgeng?"
26 Paring
wangsulane Gusti Yesus: "Kang katulisan
ing Toret kapriye? Apa kang kokwaca
ing kono?"
27 Atur wangsulane wong iku:
"Kowe tresnaa marang Pangeran, Allahmu,
kalawan gumolonging nyawamu sarta
kalawan sakabehing kakuwatanmu apadene
kalawan gumolonging budimu. Lan marang

sapepadhamu dikaya marang awakmu dhewe.”
28 Pangandikane Gusti Yesus marang wong
mau: “Wangsulanmu iku bener; iku lakonana,
temah kowe bakal urip.” 29 Nanging sarehne
wong mau arep mbenerake awake dhewe,
mulane banjur matur marang Gusti Yesus:
“Lajeng ingkang dados sesami kula punika
sinten?” 30 Paring wangsulane Gusti Yesus:
“Ana wong lumaku mudhun saka ing kutha
Yerusalem menyang ing kutha Yerikho; iku
tumiba ing tanganing begal, banjur ora mung
diblejedi bae, nanging nganggo dipilara nganti
setengah mati, nuli ditinggal. 31 Kapinujon ana
imam kang liwat ing kono. Bareng weruh wong
mau, terus lumaku bae, metu ing sabrange
dalan. 32 Mangkono uga wong Lewi, kang
satekane ing kono lan weruh wong mau iya
mung liwat bae, metu ing sabrange dalan.
33 Tumuli ana wong Samaria, kang lelungan
uga liwat ing kono. Bareng weruh wong mau,
trenyuh atine marga saka welase. 34 Wong
mau banjur diparani, tatu-tatune diperban,
sawise mangkono nuli dikopoh lenga lan
anggur, banjur ditunggangake ing kuldine
digawa menyang ing panginepan sarta dirukti.
35 Esuke kang duwe panginepan diwenehi
dhuwit rong dinar, sarta diweling: Tiyang
punika kula aturi mulasara, bab wragadipun,
langkungipun saking samanten, kula ingkang
badhe nglintoni, benjing manawi kula wangsul.
36 Lah manut panemumu, wong telu iku sing
endi sing dadi pepadhane wong sing dibegal
mau?” 37 Atur wangsulane: “Inggih tiyang

ingkang nandukaken kawelasan dhateng piyambakipun punika.” Pangandikanae Gusti Yesus: “Wis mundura, lan nglakonana mangkono uga!”

Maryam lan Marta

10:38-42

[38] Kacarita anggone padha lumaku
ndherekake Gusti Yesus tekan ing sawijining
desa. Ana ing kono Panjenengane ditampani
dening wong wadon kang aran Marta ana
ing omahe. [39] Wong iku duwe sadulur wadon
jenenge Maryam, iku linggih cedhak ing
sampeyane Gusti lan tansah ngrungokake
pangandikane, [40] dene Marta ribut banget
anggone leladi, mulane banjur marek sarta
munjuk: “Gusti, punapa Paduka boten
nggalih, bilih sadherek kawula metelaken
kawula lelados piyambak? Mila mugi Paduka
dhawuhi ngrencangi kawula.” [41] Nanging Gusti
mangsuli, pangandikane: “Marta, Marta, kowe
iku nyumelangake lan nggrantesake prakara
akeh, [42] mangka kang prelu iku mung siji:
Maryam wis milih panduman kang becik
dhewe, kang ora bakal kajupuk saka ing
dheweke.”

Bab ndedonga

11:1-13

Mt 6:9-13, 7:7-11

11 [1] Ing sawijining dina Gusti Yesus
ndedonga ana ing salah sawijining
panggonan; bareng wis kendel, ana sakabate
siji kang munjuk: “Gusti, kawula mugi sami
Pduka wulang ndedonga, sami kados ingkang
dipun wulangaken dening Nabi Yokanan
dhateng para sakabatipun.” [2] Gusti Yesus
banjur mangsuli, pangandikane: “Manawa
kowe padha ndedonga, padha munjuka
mangkene:

Dhuh Rama, asma Paduka mugi kasucekna;
Kraton paduka mugi rawuha.
[3] Kawula mugi kaparingana rejeki kawula ing saben dintenipun ing sacekapipun.
[4] Saha mugi karsaa ngapunten dosa kawula, awitdene kawula inggih sami ngapunten dhateng saben tiyang ingkang kalepatan dhateng kawula.
Punapa malih mugi kawula sampun ngantos katandukakaken dhateng ing panggodha.”

[5] Banjur padha dipangandikani maneh
mangkene: “Manawa panunggalanmu
ing wayah tengah wengi menyang ing
omahe mitrane lan kandha: Sadulur, bok
aku kokutangi roti telu bae. [6] Sabab ana
mitraku kang lelungan mampir ing omahku,
mangka aku ora duwe apa-apa, kang kena
daksuguhake; [7] apa iya sing ana ing sajroning

omah bakal mangsuli: Aja ngribedi aku, ta,
lawange wis dakkancing, aku lan anak-anakku
wis padha mapan turu, aku ora bisa tangi
menehi kowe. 8 Aku pitutur marang kowe:
Sanadyan oraa tangi lan menehi, marga iku
mitrane, nanging marga saka anggone ora
idhep isin iku, mesthi iya bakal banjur tangi
uga, menehi apa kang dibutuhake.
9 Mulane aku pitutur ing kowe: Nyenyuwuna,
temah bakal kaparingan; padha ngupayaa,
temah bakal oleh, padha thothok-thothoka,
temah bakal kawenganan. 10 Amarga saben
wong kang nyenyuwun, bakal tampa,
lan kang golek, bakal oleh, tuwin kang
thothok-thothok, iku bakal kawenganan.
11 Sapa ta panunggalanmu kang jeneng bapa,
manawa dijaluki iwak anake, bakal menehi ula,
kanggo ijole iwak? 12 Utawa, manawa njaluk
endhog, apa iya banjur diwenehi kalajengking?
13 Dadi, yen kowe, sanadyan ala, padha
mangreti ing bab paweweh kang becik marang
anak-anakmu, apamaneh Ramamu kang ana
ing swarga mesthi bakal maringi Roh Suci
marang kang padha nyenyuwun."

Gusti Yesus lan Beelzebul

11:14-23

Mt 12:22-30 Mk 3:22-27

14 Ing sawijining dina Gusti Yesus nundhung
dhemit kang marakake bisu marang wong.
Bareng dhemite wis metu, wonge bisa calathu.
Wong akeh padha kaeraman. 15 Nanging ana

saweneh kang padha ngucap mangkene:
“Anggone nundhung dhemit iku nganggo
panguwasane Beelzebul panggedhening para
dhemit.” 16 Lan ana maneh kang padha nyoba
marang Gusti Yesus, nyuwun pratandha
saka ing swarga. 17 Nanging Gusti Yesus ora
kekilapan marang pikirane wong-wong mau,
mulane banjur ngandika: “Saben krajan kang
pecah, iku mesthi rusak, lan saben brayat
kang wargane padha dredah, mesthi rusak.
18 Manawa Iblis iku uga dredah karo awake
dhewe, kapriye bisane tulus krajane? 19 Dadi,
yen Aku nundhung dhemit iku nganggo
panguwasane Beelzebul, para muridmu
anggone nundhung nganggo panguwasane
sapa? Mulane iya iku kang bakal padha
njeksani kowe. 20 Nanging manawa Aku
nundhung dhemit nganggo panguwasaning
Allah, dadine Kratoning Allah wis nekani kowe.
21 Manawa ana wong kang rosa sarta sikep
gegaman ganep ngreksa bale omahe dhewe,
barang darbeke bakal slamet. 22 Nanging
manawa katekan wong kang luwih rosa
sarta banjur ditempuh lan dikalahake, kabeh
gegamane kang diandelake bakal dirampas,
la barang darbeke bakal diedum-edum dadi
jarahan.

23 Sing sapa ora nyarujuki Aku, iku nglawan
marang Aku sarta sing sapa ora melu
anggonKu nglumpukake, iku dadi mbuyarake.”

Dhemite bali maneh

11:24-26

Mt 12:43-45

[24] “Samangsa dhemit iku wis metu saka
ing wong, banjur nglembara menyang ing
papan-papan kang mluwa golek palereman,
nanging sarehne ora oleh, nuli muni
mangkene: Dakulihane tilas omahku. [25] Banjur
bali, omahe ketemu wis disaponi resik lan
tumata becik. [26] Tumuli metu lunga ngajak
dhemit pitu liyane kang luwih ala katimbang
karo dheweke, sarta banjur padha mlebu lan
manggon ana ing kono, satemah wong mau
alane ngungkuli sakawit.”

Sapa kang rahayu

11:27-28

[27] Nalika Gusti Yesus isih ngandika,
ana sawijining wong wadon saka ing
satengahe wong akeh kang nguwuh marang
Panjenengane, unjuke: “Rahayu ibu ingkang
sampun nggarbini Paduka saha payudara
ingkang sampun Paduka sesep.” [28] Nanging
Gusti Yesus banjur ngandika: “Kang rahayu
iku wong-wong kang padha ngrungokake
pangandikaning Allah lan digatekake.”

Wong kang padha nyuwun pratandha

11:29-32

Mt 12:38-42

29 Bareng wong akeh padha ngrubung
Panjenengane, Gusti Yesus nuli ngandika:
"Jinis iki ala, kok padha nyuwun pratandha,
nanging ora bakal padha kaparingan kajaba
mung pratandhane Nabi Yunus. 30 Sabab
kayadene Nabi Yunus anggone dadi pratandha
tumrap wong-wong ing kutha Niniwe, samono
uga Putraning Manungsa iya bakal dadi
pratandha tumrap jinis iki. 31 Besuk ing
dinane pangadilan, ratu putri saka ing tanah
Kidul bakal maju bareng karo jinis iki lan
bakal ngukumi wong-wong iku. Amarga
ratu iki rawuh saka ing pungkasaning bumi
arep mirengake kawicaksanane Sang Prabu
Suleman, mangka satemene kang ana ing
kene iki ngungkuli Sang Prabu Suleman.
32 Besuk ing dina pangadilan, wong-wong
ing Niniwe bakal padha tangi bebarengan
karo jinis iki, lan bakal ngukumi wong-wong
iki. Amarga wong-wong Niniwe iku bareng
ngrungokake pituture Nabi Yunus banjur
padha mratobat, mangka satemene kang ana
ing kene iki ngungkuli Nabi Yunus."

Bab damaring badan

11:33-36

33 “Ora ana wong nyumed damar kang banjur
didekek ing longan utawa ditutupi ing tompo,
nanging didekek ing jodhog, supaya kabeh
wong kang lumebu bisa ndeleng padhange.
34 Mripatmu iku dadi damaring badanmu.
Manawa mripatmu waras, badanmu sakojur
kapadhangan, nanging manawa mripatmu
ora waras, badanmu dadi peteng. 35 Mulane
sing awas, pepadhang kang ana ing kowe iku
aja nganti dadi peteng. 36 Manawa badanmu
sakojur padhang lan ora ana perangane kang
peteng, mesthi kabeh dadi padhang, iya kaya
yen kowe kena ing soroting damar.”

Gusti meleh-melehake wong Farisi lan para ahli Toret

11:37-54

Mt 23:1-36 Mk 12:38-40 Lk 20:45-47

37 Bareng Gusti Yesus wis rampung anggone
memulang, ana sawijining wong Farisi ngaturi
dhahar ana ing omahe. Panjenengane iya
banjur lumebet sarta lenggah dhahar. 38 Wong
Farisi mau bareng weruh dadi gumun, dene
Gusti Yesus sadurunge dhahar kok ora wijik
dhisik. 39 Nanging Gusti Yesus banjur ngandika
marang wong-wong mau: “Kowe para wong
Farisi, kowe padha ngresiki jabaning tuwung
lan pinggan, nanging ing jeromu kebak isi

rampasan lan piala. 40 Heh, wong-wong bodho,
Panjenengane kang nitahake jabane apa
ora nitahake jerone? 41 Mung bae isine iku
danakna, lah ing mengko kabeh-kabehe bakal
dadi resik tumrap kowe. 42 Nanging bilai kowe,
heh, para wong Farisi, amarga kowe padha
mbayar pra sapuluhan kanggo majegi godhong
merdinah, inggu lan sawarnane jejanganan,
nanging kowe padha nglirwakake kaadilan lan
katresnaning Allah. Sing siji kudu dilakoni,
lan sijine aja dilirwakake. 43 Bilai kowe, heh,
wong-wong Farisi, amarga kowe padha seneng
linggih ing ngarep ana ing papan pangibadah
lan seneng tampa pakurmatan ana ing pasar.
44 Bilai kowe, amarga kowe iku kayadene
kuburan kang tanpa tenger; wong-wong kang
lumaku ing sadhuwure ora weruh."

45 Tumuli ana sawijine ahli Toret kang
mangsuli, ature: "Guru, manawi Panjenengan
ngandika makaten punika, ateges ugi
ngremehaken golongan kula." 46 Nanging
Panjenengane banjur mangsuli, pangandikane:
"Kowe iya padha bilai, heh, ahli-ahli Toret,
amarga kowe padha ngemoti gegawan kang
ora bisa kaangkat marang wong, nanging
kowe dhewe ora nganti ndumuk gegawan
iku kalawan drijimu siji bae. 47 Bilai kowe;
amarga kowe padha mbangun pasareane para
nabi, mangka leluhurmu dhewe kang nyedani.
48 Dadine kowe padha ngaku, yen kowe padha
mbenerake pratingkahe leluhurmu, sabab
iku padha nyedani para nabi mau, dene
kowe padha mbangun pasareane. 49 Mulane

kawicaksananing Allah ngandika: Ingsun bakal
ngutus para nabi lan para rasul, marang
wong-wong iku, sarta panunggalane iku ana
saparo kang bakal dipateni lan kang dianiaya.
50 Supaya jinis iki katempuhna getihe sakehe
para nabi kang wis kawutahake wiwit nalika
bumi katitahake, 51 wiwit saka getihe Habel
nganti getihe Zakharia, kang kapatenan ana
ing antarane misbyah lan Padalemaning Allah.
Malah Aku pitutur ing kowe: Jinis iki mesthi
bakal katempuhake. 52 Bilai kowe, heh, para
ahli Toret, amarga kowe wus padha njupuk
kuncining kawruh; kowe dhewe ora lumebu,
nanging wong kang arep lumebu padha
kokalang-alangi."
53 Bareng Gusti Yesus wis jengkar saka
ing papan kono, para ahli Toret lan para
wong Farisi padha ngincim-incim marang
Panjenengane lan ngebyuki Panjenengane
kalawan prakara warna-warna, 54 apadene
padha ngudi mancing-mancing, supaya
krungu pangandika kang mijil saka ing lesane,
kang kena kanggo dhadhakan nangkep
Panjenengane.

Piwulang, kang mligi kanggo para sakabat

12:1-12

Mt 10:26-33, 19-20

12 1 Nalika samana ewon wong kang padha
nglumpuk, nganti padha suk-sukan.
Gusti Yesus banjur paring piwulang, kang
dhisik marang para sakabate, pangandikane:

“Padha diawas marang ragine wong Farisi,
yaiku bab lamising budine. 2 Ora ana barang
kang katutupan kang ora bakal kawiyak, lan
ora ana barang kang kasidhem kang ora bakal
kaweruhan. 3 Mulane apa kang kokkandhakake
ana ing petengan iku bakal kaprungu ana ing
padhangan, sarta apa kang kokkandhakake
kalawan bisik-bisik ana ing kamar, iku bakal
kawartakake saka ing payon. 4 Aku pitutur
marang kowe, heh, mitra-mitraKu, aja
wedi marang wong-wong kang bisa mateni
badan, nanging sawise mangkono ora bisa
apa-apa maneh. 5 Kowe padha Daktuduhi,
sapa kang kudu kokwedeni. Padha wedia
marang Panjenengane, kang sawise mateni
iya kawasa nyemplungake wong menyang ing
naraka. Sabenere Aku pitutur marang kowe:
Iya Panjenengane iku kang kudu kokwedeni.
6 Manuk emprit lima rak mung payu rong
dhuwit? Ewasamono ora ana siji-sijia kang
disupekakake dening Gusti Allah, 7 malah dalasan
rambuting sirahmu iku wis dietung kabeh.
Mulane aja padha wedi, ajimu rak ngungkuli
manuk emprit pirang-pirang. 8 Aku pitutur ing
kowe: Saben wong kang ngakoni Aku ana
ing sangareping wong, iku iya bakal diakoni
dening Putraning Manungsa ana ing ngareping
para malaekating Allah. 9 Nanging sing sapa
nyelaki Aku ana ing ngareping wong, iya bakal
diselaki ana ing ngarepane para malaekating
Allah. 10 Sing sapa ngucapake tembung kang
nglawan marang Putraning Manungsa, iku
bakal diapura, nanging sing sapa nyenyamah

marang Sang Roh Suci, iku bakal ora diapura.
11 Manawa kowe padha diladekake marang ngarsane para pradata-agama, apa marang ngarsane para pamarentah utawa para kang ngasta panguwasa, aja padha sumelang, kapriye lan apa kang kudu kokaturake ana ing panjawabmu.
12 Amarga ing wektu iku uga Sang Roh Suci bakal muruki kowe apa kang kudu kokaturake."

Bab budi kethaha lan pasemon bab wong sugih kang bodho

12:13-21

13 Tumuli ana wong panunggalane wong akeh iku kang matur marang Gusti Yesus: "Guru, Paduka mugi karsaa ndhawuhi sadherek kawula, supados andum warisan kaliyan kawula."
14 Nanging Gusti Yesus ngandika marang wong mau: "Sadulur, sapa sing ngangkat Aku dadi hakim utawa dadi panengah ana ing antaramu?"
15 Banjur ngandika marang wong akeh: "Sing padha awas, wekanana sakabehing budi kethaha, sabab sanadyan wong duwe bandha nganti akeh banget, uripe wong iku ora gumantung marang kasugihane iku."
16 Sawise mangkono banjur padha dipangandikani kalawan pasemon mangkene: "Ana sawijining wong sugih, pametuning palemahane akeh banget.
17 Banjur mikir: Kapriye ya, rekane, aku ora duwe enggon kanggo nyimpen pametu samono akehe iku.

[18] Tumuli calathu: Wis, enake mangkene bae:
lumbung-lumbungku dakbubrahane, banjur
gawe sing luwih gedhe, kabeh gandumku
lan barang-darbekku daksimpene ana ing
kono. [19] Nyawaku nuli dakkandhanane: Heh,
nyawaku, kowe wis duwe bandha akeh
banget, cukup kanggo urip pirang-pirang
taun, mulane ngasoa, mangana, ngombea
lan seneng-senenga. [20] Ananging dhawuhe
Gusti Allah marang wong mau: Heh, wong
kang tanpa budi, bengi iki uga nyawanira
bakal kapundhut saka ing sira. Lan apa kang
wis sira cawisake iku, kanggo apa bakale?
[21] Iya kaya mangkono iku kadadeane wong
kang nglumpukake bandha kanggo awake
dhewe, mangka ora duwe kasugihan ana ing
ngarsaning Allah."

Bab sumelang lan bab bandha kaswargan

12:22-34

Mt 6:25-34, 19-21

[22] Gusti Yesus banjur ngandika marang para
sakabate: "Mulane Aku pitutur marang kowe:
Aja padha sumelang ing bab uripmu, apa
kang bakal kokpangan, lan aja sumelang ing
bab awakmu, apa kang bakal koksandhang.
[23] Amarga urip iku ajine ngungkuli pangan lan
badan iku ngungkuli sandhangan. [24] Padha
delengen, manuk gagak iku ora padha
nyebar lan ora derep apadene ora duwe
gudhang utawa lumbung, ewasamono padha
diparingi pangan dening Gusti Allah. Ajimu

rak ngungkuli manuk-manuk iku banget!
[25] Sapa ta panunggalanmu kang marga saka
sumelang bisa nyambungi umure saasta?
[26] Dadi yen kowe bab kang sepele dhewe bae
ora bisa, kapriye dene kok nyumelangake
bab liya-liyane? [27] Padha tamatna kembang
bakung kae, ora ngantih ora nenun, ewadene
pituturKu marang kowe: Sang Prabu Suleman
sajrone sagunging kaluhurane, pangagemane
ora ngungkuli endahe salah sijine kembang
iku. [28] Dadi, yen suket ing ara-ara, kang
saiki isih ana, sesuk kabuwang ing geni, iku
dipanganggoni dening Gusti Allah nganti kaya
mangkono, saya maneh kowe, heh, wong kang
cupet ing pangandel! [29] Mulane aja padha
mrihatinake apa kang bakal kokpangan lan
kokombe sarta aja melang-melang. [30] Awit
iku kabeh kang diupaya dening wong kang
ora wanuh marang Gusti Allah. Ramamu
rak ora kekilapan, yen iku kabeh dadi
kabutuhanmu. [31] Nanging Kratoning Allah iku
padha upayanen, nuli kabeh iku mau bakal
diwuwuhake marang kowe.

[32] Aja padha wedi, heh pepanthan cilik!
Amarga Ramamu wis kepareng maringake
Kraton iku marang kowe.

[33] Barang darbekmu dolana kabeh, banjur
dedanaa! Gawea kanthong-kanthong kang
ora bisa lawas, nglumpukna rajabrana ing
swarga, kang ora bakal entek, kang ora bakal
katekanan maling sarta ora bakal karusak
dening renget. [34] Amarga ing ngendi dununge
bandhamu, iya ing kono dununging atimu.”

Bab kawaspadan

12:35-48

Mt 24:43-51

35 "Lambungmu ajeg sabukana lan damarmu
ajeg muruba. 36 Sarta kowe padha kayaa
wong-wong kang nganti-anti rawuhe
bendarane saka pahargyan memanton, supaya
manawa wis kondur lan thothok-thothok
lawang, enggal bisa ngengani lawang. 37 Begja
para abdi kang sarawuhe bendarane ketemu
melek. Aku pitutur ing kowe: Satemene
bendara mau bakal sabukan, abdine padha
didhawuhi mangan bebarengan, bendarane
bakal nyedhaki ngladeni. 38 Lan manawa
rawuhe ing tengah wengi utawa ing wayah
bangun esuk mangka para abdi mau ketemu
mangkono, begja wong-wong iku. 39 Nanging
sumurupa: Saupama kang duwe omah ngreti
tekane maling jam pira, mesthi ora bakal
ngetogake bae omahe dibabah. 40 Mulane
kowe kabeh padha tansah rumantia, awit
rawuhe Putraning Manungsa iku ing wektu
kang ora koknyana."

41 Petrus banjur munjuk: "Gusti, ingkang
Paduka karsakaken kanthi pasemon punika
punapa kawula sakanca, punapa inggih
dhateng tiyang sadaya?" 42 Paring wangsulane
Gusti: "Sapa ta kang dadi pitayaning omah
kang setya lan pinter, kang bakal diangkat
dening bendarane dadi tetuwaning para abdi
kang nyadhongi pangan marang dheweke

kabeh ing wayah kang wis katemtokake?
43 Begja abdi kang ketemu nindakake
kawajibane nalika bendarane rawuh. 44 Aku
pitutur marang kowe: Satemene bendarane
mau mesthi bakal ngangkat dheweke dadi
abdi kang tinanggenah rumeksa marang
sabarang kagungane bendarane kabeh.
45 Nanging manawa abdi mau duwe gagasan
mangkene: Bendaraku kok ora rawuh-rawuh,
banjur wiwit nggitiki para abdi lanang lan
wadon, sarta mangan lan ngombe nganti
mendem, 46 samangsa bendarane rawuh ing
dina kang ora kanyana lan ing wayah kang ora
disumurupi, mesthi wong mau bakal dipateni
lan dianggep padha bae karo wong kang ora
setya.
47 Anadene abdi kang ngreti marang karsane
bendarane, mangka ora cecawis utawa ora
nindakake apa kang dikarsakake dening
bendarane, iku bakal digebugi marambah-
rambah. 48 Nanging sing ora ngreti marang
karsane bendarane, mangka banjur nindakake
apa kang kagolong kena ing ukuman gebug,
iku bakal tampa paukuman gebug, sawatara.
Saben wong kang kaparingan akeh, iku bakal
kapundhutan akeh, sarta kang dipracaya akeh,
bakal kapundhutan luwih dening akeh.”

Rawuhe Gusti nuwuhake crah

12:49-53

Mt 10:34-36

49 “TekaKu iki nibakake geni ing bumi lan
apa kang Dakkarepake, manawa wis murub?
50 Aku kudu nampani baptis lan sapira gedhene
kasusahaning atiKu, sadurunge iku rampung!
51 Apa pangiramu, tekaKu ing bumi iki nggawa
karukunan? Ora, Aku pitutur marang kowe:
Aku ora nggawa katentreman, nanging
nuwuhake crah. 52 Amarga wiwit saiki wong
lima kang tunggal saomah bakal crah, kang
telu karo kang loro, kang loro karo kang telu.
53 Kabeh bakal padha crah, bapa karo anake
lanang, lan anak lanang karo bapakne, embok
karo anake wadon, lan anak wadon karo
embokne, embok maratuwa karo mantune
wadon, lan mantu wadon karo embokne
maratuwa.”

Bab ilapating mangsa-kala

12:54-59

54 Ana maneh pangandikane Gusti Yesus
marang wong akeh: “Manawa kowe padha
weruh mendhung jumedhul ing sisih kulon,
kowe banjur bisa kandha: Arep udan, lan
tumuli iya kalakon mangkono. 55 Sarta manawa
kowe weruh angin saka kidul, kowe banjur
kandha: Mengko bakal panas gumemplang,
lan iku iya tumuli kalakon mangkono. 56 Heh,

wong lamis, semuning bumi lan langit kowe
padha bisa niteni, yagene kowe ora bisa niteni
kaanane jaman saiki?
[57] Lan maneh yagene kowe padha ora
netepake dhewe apa kang bener? [58] Amarga,
manawa kowe karo lawananmu padha arep
ngadhep marang ing ngarsane pamarentah,
ana ing dalan ngudia rukun karo wong
mau, supaya kowe aja nganti diladekake ing
ngarsane hakim, lan hakim banjur masrahake
kowe marang pambantune sarta pambantu
iki tumuli nglebokake kowe marang ing
pakunjaran. [59] Aku pitutur marang kowe:
Kowe ora bakal metu saka ing kono sadurunge
utangmu sah.”

Dosa lan kasangsaran

13:1-5

13 [1] Nalika samana ana wong sawatara
kang padha sowan ing ngarsane Gusti
Yesus ngaturi uninga bab wong-wong Galilea
kang padha kawutahake getihe dening Sang
Pilatus, diworake ing getih kurban kang
diunjukake dening wong-wong mau. [2] Paring
wangsulane Gusti Yesus: “Apa pangiramu
wong-wong Galilea iki luwih gedhe dosane
katimbang karo dosane wong-wong Galilea
liyane kabeh, jalaran banjur ketaman lelakon
kang kaya mangkono iku? [3] Ora, kandhaKu
marang kowe. Nanging manawa kowe ora
padha mratobat, kowe bakal padha tiwas
kabeh kanthi patrap mangkono. [4] Utawa

maneh apa pangiramu wong wolulas kang
padha mati kerubuhan menara ing Siloam
kae kaluputane ngluwihi wong ing Yerusalem
liyane kabeh? 5 Aku pitutur marang kowe:
Ora. Nanging manawa kowe kabeh padha
ora mratobat, bakal tiwas kanthi patrap
mangkono.”

Pasemon bab wit anjir kang ora awoh

13:6-9

6 Gusti Yesus banjur paring pasemon
mangkene: “Ana wong kang duwe wit anjir,
kang katandur ing pakebonane anggur,
banjur diparani digoleki wohe, nanging ora
oleh. 7 Tumuli calathu marang kang ngurus
kebon anggur iku: Iki wis telung taun aku
golek wohe, kok ora ana. Mulane tegoren
bae wit iki! Kanggo apa urip ana ing lemah
kene tanpa guna! 8 Wangsulane wong mau:
Bendara, kajengipun gesang sataun engkas,
siti sakubengipun badhe kula paculi lan wit
punika badhe kula rabuk, 9 bokmanawi taun
ngajeng saged awoh; manawi boten, inggih
lajeng kategora kemawon.”

Gusti Yesus nyarasake wong wungkuk ing dina Sabat

13:10-17

10 Ing sawijining dina, pinuju dina Sabat,
Gusti Yesus memulang ana ing salah sawijining
papan pangibadah. 11 Ing kono ana wong

wadon kang kapanjingan dhemit wis wolulas
taun, satemah banjur lara lan dadi wungkuk,
ora bisa ngadeg jejeg. 12 Bareng Gusti Yesus
mirsa wong mau, banjur ditimbali sarta
dipangandikani mangkene: “He, mbok,
lelaramu wis mari.” 13 Tumuli ditumpangi asta,
lan sanalika iku uga wong wadon mau bisa
ngadeg jejeg maneh lan banjur ngluhurake
asmaning Allah. 14 Nanging kepalane papan
pangibadah iku nepsu, jalaran Gusti Yesus
nyarasake wong ing dina Sabat, banjur calathu
marang wong akeh: “Dina iku ana enem sing
kanggo nyambut-gawe. Mulane tekaa ing salah
sijine dina iku supaya diwarasake, nanging aja
ing dina Sabat.” 15 Nanging Gusti mangsuli,
pangandikane: “Heh, wong-wong lamis, apa
panunggalanmu ing dina Sabat ora nguculi
sapine utawa kuldine saka ing kandhang
banjur diombekake. 16 Apamaneh wong wadon
iki, kang wis wolulas taun lawase kabanda
dening Iblis, apa ora prelu diuculi bebandane
ing dina Sabat, amarga iki tedhak turune
Rama Abraham?” 17 Nalika Panjenengane
ngandika mangkono iku, kabeh kang nglawan
padha kisinan, dene wong akeh padha bungah
awit saka anane kabeh kang katindakake
dening Panjenengane kang sarwa luhur iku.

Pasemon bab wiji sawi lan ragi

13:18-21

Mt 13:31-33 Mk 4:30-32

18 Gusti Yesus banjur ngandika: "Kratone Allah
iku upamane apa, lan kena Dakupamakake
apa? 19 Iku kena diupamakake wiji sawi, kang
kajupuk lan kasebar dening wong ana ing
pakebonane, banjur thukul lan dadi uwit,
nganti manuk-manuk ing awang-awang
padha nusuh ana ing pang-pange." 20 Lan
pangandikane maneh mangkene: "Kratone
Allah iku, kena Dakupamakake apa? 21 Iku
upamane kayadene ragi kang dijupuk dening
wong wadon lan dicarubake ing glepung trigu
telung taker, nganti kemrasukan kabeh."

Bab lawang kang ciyut

13:22-30

22 Gusti Yesus banjur ndlajahi kutha-kutha lan
desa-desa sinambi memulang lan nglajengake
tindake menyang ing Yerusalem.
23 Tumuli ana wong kang munjuk mangkene:
"Gusti, tiyang ingkang kapitulungan wilujeng
punika punapa namung sakedhik?" 24 Paring
wangsulane Gusti Yesus marang wong-wong
kang ana ing kono: "Padha mbudidayaa
lumebu ing lawang kang ciyut! Sabab Aku
pitutur marang kowe: Akeh wong kang
ngudi lumebu, nanging ora bisa. 25 Manawa
kang kagungan dalem wis jumeneng lan wis

ngancing lawang, lan kowe wiwit ngadeg ana
ing jaba ndhodhog lawang kalawan matur:
Gusti, kawula nyuwun kori! Panjenengane
bakal mangsuli mangkene: Aku ora ngreti,
kowe iku saka ngendi. 26 Kowe bakal matur:
Kawula sampun nate sami nedha lan
ngombe wonten ing ngarsa Paduka, sarta
Paduka sampun paring piwulang wonten ing
margi-margi ing kitha kawula. 27 Nanging
Panjenengane bakal ngandika marang kowe:
Aku ora ngreti, kowe iku saka ing ngendi,
padha sumingkira saka ing ngarepKu, heh
wong kang padha gawe piala! 28 Ing kono bakal
ana panangis lan keroting untu, samasa kowe
bakal padha weruh Rama Abraham lan Rama
Iskak sarta Rama Yakub apadene sakabehing
nabi padha ana ing Kratoning Allah, mangka
kowe dhewe padha kabuwang menyang ing
jaba, 29 sarta bakal ana wong kang padha teka
saka ing wetan lan kulon lan tuwin saka ing
lor lan kidul, padha bakal linggih mangan ana
ing Kratoning Allah. 30 Lah ana pamburi kang
bakal padha dadi pangarep, lan ana pangarep
kang bakal padha dadi pamburi.”

Gusti Yesus pinasthi seda ana ing Yerusalem lan nutuh marang kutha Yerusalem

13:31-35

Mt 23:37-39

31 Ing nalika iku ana wong Farisi sawatara
kang padha sowan lan matur marang Gusti

Yesus: “Panjenengan kula aturi sumingkir
saking ngriki, awit Sang Prabu Herodhes
badhe ngangkah nyedani Panjenengan.”
32 Paring wangsulane Gusti Yesus: “Padha
lungaa, kandhaa marang asu wawar iku:
Aku nundhungi dhemit lan marasake wong,
ing dina iki lan sesuk, dene ing telung
dinane Aku bakal wis rampung. 33 Nanging
ing dina iki, lan sesuk tuwin besuk emben
Aku kudu nerusake lakuKu, amarga ora
samesthine kang jeneng nabi dipateni ora
ana ing Yerusalem. 34 Yerusalem, Yerusalem,
kowe kang mateni para nabi lan mbenturi
watu marang wong-wong kang padha diutus
nemoni kowe. Wis makaping-kaping anggonKu
arep nglumpukake anak-anakmu, padha kaya
babon anggone nglumpukake kuthuk-kuthuke
ana ing sangisoring swiwine, nanging kowe ora
ngolehake. 35 Lah omahmu bakal kapasrahake
suwung marang kowe. Nanging Aku pitutur
marang kowe: Kowe bakal padha ora ndeleng
Aku maneh nganti tumeka ing wektune kowe
padha calathu mangkene: Binerkahana kang
rawuh atas asmaning Pangeran.”

Gusti nyarasake wong ing dina Sabat maneh

14:1-6

14 1 Ing sawijining dina, pinuju dina Sabat,
Gusti Yesus rawuh ing omahe sawijining
panggedhene wong Farisi, arep dhahar roti
ana ing kono. Kabeh wong kang ana ing

kono padha ngulatake Panjenengane kanthi
temenan. 2 Lah ing kono tumuli ana wong
lara busung ngadeg ing ngarsane. 3 Gusti
Yesus banjur ngandika marang para ahli Toret
lan para wong Farisi mangkene: “Marasake
wong ing dina Sabat iku kena apa ora?”
4 Kabeh padha meneng bae. Panjenengane
banjur ngasta tangane wong kang lara
mau lan diwarasake sarta didhawuhi lunga.
5 Sawise mangkono banjur ngandika marang
wong-wong mau: “Sapa panunggalanmu, kang
anake utawa sapine kecemplung ing sumur,
ora banjur enggal-enggal nulungi dientasake,
sanadyan ing dina Sabat?” 6 Wong-wong mau
ora ana kang bisa ngaturi wangsulan.

Bab lungguh ing ngarep dhewe utawa ing buri dhewe

14:7-11

7 Bareng Gusti Yesus mirsa dhayoh-dhayoh
padha milih papan palinggihan ing ngarep
dhewe, banjur padha dipangandikani pasemon
mangkene: 8 “Manawa kowe diulemi jagong
manten, kowe aja linggih ing ngarep dhewe,
awit bokmanawa kang duwe gawe wis ngulemi
wong kang luwih dhuwur pangkate tinimbang
karo kowe, 9 supaya wong kang ngulemi kowe
lan wong mau aja padha marani kowe lan
calathu marang kowe: Kula aturi mingser,
palenggahan punika kagem sadherek punika.
Kowe banjur kapeksa ngalih linggih ing buri
dhewe kalawan wirang. 10 Mulane, manawa

kowe diulemi, linggiha ing buri dhewe.
Bokmanawa mengko sing duwe omah banjur
marani lan calathu marang kowe: Sadherek,
mangga kula aturi lenggah ing ngajeng.
Temahan kowe katon anggonmu kajen ana ing
ngarepane para dhayoh liyane kabeh. [11] Sabab
sing sapa ngluhurake awake dhewe, bakal
kaasorake, lan sing sapa ngasorake awake
dhewe bakal diluhurake.

Sapa kang wajib diulemi

14:12-14

[12] Gusti Yesus uga banjur ngandika marang
wong kang ngaturi rawuh Panjenengane:
"Manawa kowe nganakake pista ing wayah
awan utawa bengi, kowe aja ngulemi mitra-
mitramu, utawa sadulur-sadulurmu, utawa
sanak-kadangmu utawa tangga-teparomu
kang sugih-sugih, amarga iku bakal padha
males genti ngulemi kowe, dadi kowe wis oleh
piwales. [13] Nanging, manawa kowe nganakake
pista, ngulemana wong-wong kang mlarat,
kang cacad, kang lumpuh lan kang wuta.
[14] Yen mangkono kowe bakal rahayu, amarga
wong iku kabeh ora padha duwe kang dianggo
males marang kowe. Dene kowe bakal tampa
piwales besuk ing dina patangening para wong
mursid."

Pasemon bab wong-wong kang padha ngaturake pawadan

14:15-24

Mt 22:1-10

15 Krungu pangandika kang mangkono
iku, ana sawijining dhayoh kang matur
marang Gusti Yesus: "Rahayu tiyang ingkang
sami badhe kasegah nedha wonten ing
Kratoning Allah." 16 Nanging Gusti Yesus
ngandika marang wong mau: "Ana wong
nganakake pista gedhen lan ngulemi wong
akeh. 17 Bareng wis ndungkap wayahe
bujana, bature dikongkon pratela marang
wong kang padha diulemi: Sumangga sami
karsaa rawuh, amargi sadaya-sadayanipun
sampun cumawis. 18 Nanging kabeh padha
bebarengan nyuwun ngapura. Wong kang
kapisan matur mangkene: Kula mentas
tumbas pategilan, kula badhe ningali mrika,
mila kula nyuwun pangapunten. 19 Wong
liyane matur mangkene: Kula mentas tumbas
lembu gangsal rakit, kula badhe kesah
nyobi lembu-lembu punika, mila nyuwun
pangapunten. 20 Wong liyane maneh matur:
Kula saweg kemawon emah-emah, mila
boten saged sowan. 21 Batur mau banjur
mulih ngaturake iku kabeh marang lurahe.
Kang duwe omah nepsu banget sarta calathu
marang bature: Enggal menyanga ing
dalan-dalan lan lurung-lurung kutha, wong
mlarat, wong cacad, wong picak lan wong

lumpuh padha iriden mrene. [22] Bature tumuli
matur: Bendara, sadaya dhawuh panjenengan
sampun kalampahan, ewasamanten papanipun
taksih tirah. [23] Lurahe banjur calathu marang
bature: Menyanga ing lurung-lurung lan
ing dalan-dalan cilik, wong-wong sing ana
ing kono padha peksanen mlebu mrene,
amarga omahku kudu kebak. [24] Awit aku
pitutur marang kowe: Wong kang padha
diulemi dhisik mau siji bae ora ana kang bakal
ngrasakake suguhanku."

Aja gumampang manjing dadi pandhereke Gusti Yesus

14:25-35

[25] Kacarita Gusti Yesus banjur tindak
kadherekake wong akeh gumrudug. Gusti
tumuli minger ngandika marang wong-wong
mau: [26] "Manawa ana wong kang sowan
ing ngarsaKu, mangka ora sengit marang
bapakne, ibune, bojone, anak-anake, sadulur-
sadulure lanang utawa wadon, malah nyawane
dhewe pisan, iku ora bisa dadi siswaKu. [27] Sing
sapa ora manggul salibe lan ngetut buri Aku,
iku ora bisa dadi siswaKu.
[28] Sabab sapa ta panunggalanmu kang
arep ngadegake manara, ora linggih dhisik
ngetung-etung, apa dhuwite cukup kanggo
ngragadi nganti sarampunge. [29] Supaya
manawa wis rampung pandhemene, mangka
ora bisa mbacutake, sakehe wong kang weruh
aja nganti padha moyoki [30] mangkene: Wong

iku ngadani gegawean, nanging kok ora bisa
ngrampungake!
31 Utawa, ratu ngendi sing arep andon
perang mungsuh ratu liyane, kok ora lenggah
dhisik prelu nggalih-nggalih, apa wadyabala
saleksa iku cukup kanggo nglawan mungsuh
kang nekani kalawan nggawa bala rong
leksa? 32 Manawa ora, mesthi banjur utusan,
mumpung mungsuh iku isih adoh, prelu
nakokake prajanjian-prajanjiane bedhamen.
33 Mangkono uga saben wong panunggalanmu,
kang ora bisa ninggal sabarang darbeke
kabeh, iku ora bisa dadi siswaKu.
34 Uyah iku pancen apik, nanging manawa
uyah iku ilang asine, apa kang kanggo
mulihake rasane? 35 Wis ora ana gunane,
kanggoa tegal utawa kanggoa rabuk, mung
banjur dibuwang bae. Sing sapa duwe kuping
kanggo ngrungokake, ngrungokna!

Pasemon bab wedhus kang ilang

15:1-7

Mt 18:12-14

15 1 Para juru-mupu-beya lan wong dosa
iku adate padha sowan ing ngarsane
Gusti Yesus ngrungokake piwulange. 2 Wong
Farisi lan para ahli Toret satemah padha
kedumelan, pangucape: "Wong iku kok
nampani wong dosa lan mangan bebarengan."
3 Panjenengane banjur paring pasemon
mangkene: 4 "Sapa panunggalanmu, kang
duwe wedhus satus, mangka ana siji sing

ilang, apa ora banjur nggoleki sing ilang
iku nganti saketemune, sing sangang puluh
sanga ditinggal ana ing ara-ara samun? 5 Lan
manawa wis ketemu, nuli dipanggul kalawan
bungah 6 sarta satekane ing omahe, banjur
ngundangi mitra-mitrane lan tangga teparone
lan padha dikandhani: Ayo, padha bebarengan
bungah-bungah karo aku, sabab wedhusku
sing ilang wis ketemu. 7 Aku pitutur marang
kowe: Iya kaya mangkono iku ing swarga
bakal ana kabungahan gedhe marga ana wong
dosa siji kang mratobat, ngluwihi kabungahan
kang tumrap wong sangang puluh sanga kang
ora usah mratobat.”

Pasemon bab dhuwit dirham kang ilang

15:8-10

8 “Utawa endi ana wong wadon duwe
dhuwit dirham sapuluh, mangka ilang siji,
kok ora banjur nyumed damar lan nyaponi
omahe, nggoleki njlimet nganti saketemune?
9 Lan manawa wis ketemu, banjur ngundangi
mitra-mitrane lan tangga teparone sarta padha
dicritani mangkene: Dhuwitku dirham sing
ilang wis ketemu. Ayo, padha bungah-bungah
bebarengan karo aku. 10 Aku pitutur marang
kowe: Samono uga para malaekate Gusti
Allah bakal padha bungah-bungah, jalaran ana
wong dosa siji kang mratobat.”

Pasemon bab anak kang ilang

15:11-32

[11] Gusti Yesus ngandika maneh: “Ana
wong duwe anak lanang loro. [12] Anak kang
wuragil matur marang bapakne: “Bapak,
keparenga kula nyuwun saperanganing
barang darbek kita ingkang dados hak kula.
Bapakne iya banjur mbage-bage barang
darbeke, diwenehake marang sakarone.
[13] Let sawatara dina kang wuragil mau banjur
ngedoli bageane kabeh, sawise mangkono nuli
lunga menyang nagara kang adoh. Ana ing
kana barang darbeke diebreh-ebreh dianggo
nguja kekarepane. [14] Bareng wis entek kabeh,
ing tanah kono ana pailan kang nggegirisi,
dheweke banjur wiwit nandhang kakurangan.
[15] Tumuli lunga lan nyambut-gawe ana ing
wewengkoning sawijining wong ing tanah
kono, banjur dikon angon babi-babine ana ing
pategalane. [16] Nuli kepengin ngiseni wetenge
kalawan ampas pakan babi iku, nanging ora
ana wong kang gelem menehi. [17] Banjur eling
marang kaanane, mangkene panggagase:
Buruhe bapakku pirang-pirang lan padha bisa
mangan mubra-mubru, mangka aku ana ing
kene mati kaliren. [18] Aku dakmulih menyang
ing daleme bapakku lan matur: Bapak, kula
sampun nglampahi dosa dhumateng swarga
lan dhumateng bapak, [19] kula sampun boten
pantes kawastanan putranipun bapak malih;
keparenga namung dados satunggaling

berahipun bapak kemawon. [20] Banjur ngadeg
lan mulih marani bapakne. Nalika isih adoh,
bapakne wis ngawasake tekane, atine trenyuh
banget marga saka welase. Tumuli diplayoni,
banjur dirangkul lan diambungi. [21] Anake
matur: Bapak, kula sampun nglampahi dosa
dhumateng ing swarga tuwin dhumateng
bapak. Kula sampun boten pantes kawastanan
putranipun bapak malih. [22] Nanging bapakne
prentah marang batur-bature: Enggal jupukna
jubah kang apik dhewe, nuli enggokna, drijine
enggonana ali-ali lan enggonana sepatu sikile.
[23] Banjur njupuka pedhet sing lemu, belehen.
Ayo padha mangan lan seneng-seneng.
[24] Sabab anakku iki wis mati, urip maneh,
wis ilang, ketemu. Banjur padha wiwit
sukan-sukan. [25] Nanging anake pambarep
lagi ana ing pategalan. Bareng mulih lan wis
cedhak karo omahe, krungu swaraning suling
lan wong kang padha tetembangan jejogedan.
[26] Banjur ngundang salah sawijining batur
lan ditakoni, apa tegese iku kabeh. [27] Ature
batur: Punika ingkang rayi rawuh, dene
ingkang rama sampun dhawuh mragat pedhet
ingkang lema, amargi kepanggih malih kaliyan
putranipun kanthi wilujeng. [28] Anak pambarep
mau temah nepsu lan ora gelem lumebu
ing omah. Bapakne nuli metu lan ngrerepa.
[29] Nanging diwangsuli mangkene: Sampun
mataun-taun anggen kula ngladosi bapak
lan boten nate nerak wewaleripun bapak,
nanging bapak boten nate maringi cempe
satunggal kemawon, kangge bingah-bingah

kaliyan kanca-kanca kula. 30 Nanging sareng
putranipun bapak ingkang ngebreh-ebreh
raja-darbekipun bapak, kadamel mblunthah
kaliyan sundel-sundel, saweg kemawon
dhateng, bapak lajeng mragat pedhet leman
kangge piyambakipun. 31 Bapakne calathu:
Anakku, engger, kowe iku salawase nunggal
karo aku, lan apa saduwekku iku duwekmu.
32 Aku kabeh wis samesthine kudu padha
bungah-bungah lan seneng-seneng, jalaran
adhimu wis mati urip maneh, wis ilang
ketemu."

Pasemon bab juru-gedhong kang ora temen

16:1-9

16 1 Ana maneh pangandikane Gusti
Yesus marang para sakabate: "Ana
wong sugih duwe juru-gedhong. Iku diwaduli,
manawa juru-gedhong mau ngawut-awut
barang darbeke. 2 Mulane banjur diundang
lan dicalathoni mangkene: Kapriye, dene
aku nganti krungu bab tumindakmu kang
mangkono iku? Mara, aku wenehana
palapuran tumrap rereksanmu, amarga kowe
wis ora kena mbanjurake pagaweanmu dadi
juru-gedhong. 3 Juru-gedhong mau nuli mikir:
Gek aku arep nyambut-gawe apa? Aku dipocot
anggonku dadi juru-gedhong. Macul aku ora
bisa, ngemis aku isin. 4 Iya, aku wis oleh
dalan, supaya manawa aku sida dipocot saka
ing pagaweanku dadi juru-gedhong, ana wong

kang gelem ngukup aku ana ing omahe.
5 Wong kang padha utang marang lurahe
padha diundangi siji-siji. Wong kang kapisan
dicalathoni mangkene: Pira utangmu marang
lurahku? 6 Wangsulane: Lisah satus tong.
Banjur dikandhani: Enya iki layang-utangmu.
Linggiha, gawea layang-utang liyane, saiki
uga, kang muni: Seket tong. 7 Wong kang
kapindho ditakoni: Lah kowe utangmu pira?
Wangsulane wong mau: Gandum satus dhacin.
Banjur dikandhani: Enya iki layang-utangmu.
Gawea layang-utang liyane, tulisen: Wolung
puluh dhacin. 8 Lurahe banjur ngalem marang
juru-gedhong kang ora temen iku, marga saka
anggone duwe akal kang mangkono iku, sabab
para anaking jagad iki tumrap kang tunggal
golongan, akale ngluwihi para ahli-warising
pepadhang.
9 Lan Aku pitutur marang kowe: Padha
memitrana kalawan migunakake Mamon kang
ora temen iku, supaya manawa kowe koncatan
Mamon iku, kowe banjur ditampani ana ing
tarub kang langgeng.”

Bab temen tumrap prakara kang sapele

Pitutur warna-warna

16:10-18

10 “Sing sapa tumemen ing bab prakara
kang sepele, iya tumemen ing bab prakara
kang wigati. Lan sing sapa ora tumemen bab
prakara kang sapele, iku iya ora tumemen

ing bab prakara kang wigati. [11] Dadi, manawa
kowe ora tumemen ing bab Mamon, kang
ora temen iku, sapa kang bakal mitayakake
barang kang sanyata marang kowe? [12] Lan
manawa kowe ora tumemen tumrap baranging
liyan, sapa kang bakal menehake barangmu
dhewe marang kowe?

[13] Ora ana batur kang bisa ngladeni bandara
loro. Amarga manawa mangkono, mesthi
bakal sengit marang kang siji lan tresna
marang sijine, utawa setya marang kang
siji lan nyepelekake marang sijine. Ora bisa
kowe ngawula marang Gusti Allah lan marang
Mamon."

[14] Iku mau kabeh iya kaprungu dening
wong-wong Farisi, kang padha karem bandha,
banjur padha ngencepi Panjenengane. [15] Gusti
Yesus banjur ngandika marang wong-wong
mau: "Kowe iku padha mbenerake awakmu
dhewe ana ing ngarepaning wong, nanging
Gusti Allah nguningani isining atimu. Sabab
apa kang dianggep pinunjul dening manungsa,
iku sinengitan dening Allah.

[16] Angger-anggering Toret lan kitab-kitabe
para nabi iku kanggone nganti tumeka jamane
Nabi Yokanan. Wiwit ing wektu iku Injil
Kratoning Allah kaundhangake lan saben wong
rebutan arep lumebu ing kono. [17] Ananging
luwih gampang sirnane langit lan bumi,
katimbang karo bataling titik siji kang ana ing
angger-anggering Toret. [18] Saben wong kang
megat rabine, banjur rabi liyane, iku dadi laku
jina; lan sing sapa ngrabeni wong wadon kang

dipegat dening sing lanang mau, iku iya laku jina.”

Pasemon bab wong sugih lan Lazarus

16:19-31

19 “Ana wong sugih kang tansah manganggo
jubah wungu lan kain kang alus, sarta
saben dina mangun suka ngeram-eramake.
20 Lan ana wong ngemis jenenge Lazarus,
awake sakojur gudhigen; ngglungsar ana ing
sacedhake regoling omahe wong sugih mau
21 sarta banget kapengin ngilangake luwene
kalawan gogrogan saka ing mejane wong
sugih iku. Nanging malah diparani asu-asu
sing padha ndilati gudhige. 22 Kacarita wong
miskin mau mati, banjur digawa dening
para malaekat menyang ing pangkone Rama
Abraham. 23 Wong sugih mau iya mati lan
banjur dikubur. Lan nalika dheweke ana ing
sajroning teleng-palimengan sarta nandhang
sangsara iku tumenga, nuli sumurup Rama
Abraham ana ing kadohan mangku Lazarus.
24 Banjur nguwuh-uwuh, ature: Dhuh, Rama
Abraham, mugi karsaa paring kawelasan
dhateng kula. Lazarus mugi kadhawuhana
nyelupaken pucuking drijinipun wonten ing
toya, kangge ngasrepaken ilat kula, amargi
kula nandhang sangsara sanget wonten ing
latu murub punika. 25 Nanging Rama Abraham
mangsuli, pangandikane: Angger, elinga, yen
kowe wis tampa samubarang kang becik
salawase uripmu, nanging Lazarus tampa

samubarang kang ora apik. Saiki dheweke
tampa panglipur, dene kowe nandhang
sangsara banget. 26 Kajaba saka iku ing
antarane aku lan kowe ana jurang kang ora
kena diliwati, supaya wong ing kene kang
arep menyang ing panggonanmu utawa wong
kang ana ing panggonanmu arep mrene ora
bisa. 27 Ature wong mau: Manawi makaten,
panyuwun kula, dhuh Rama, Lazarus mugi
kadhawuhana dhateng ing griyanipun bapa
kula, 28 awit sadherek kula taksih gangsal,
supados sami kaengetna kanthi saestu, amrih
ing benjingipun sampun sami lumebet ing
papan ingkang sangsara punika. 29 Nanging
pangandikane Rama Abraham: Iku wis duwe
paseksene Nabi Musa lan para nabi liyane. Iya
iku kang kudu padha dirungokake. 30 Ature
wong mau: Boten, Rama Abraham, nanging
manawi wonten patunggilanipun tiyang
pejah ingkang ndhatengi, tamtu sami badhe
mratobat. 31 Pangandikane Rama Abraham:
Manawa ora padha ngrungokake paseksene
Nabi Musa lan para nabi liyane, mesthi iya ora
kena dikandhani, sanadyan ana wong kang
tangi saka ing antarane wong mati.”

Pitutur warna-warna

17:1-6

17 1 Gusti Yesus ngandika marang para
sakabate: “Ora kena ora mesthi
bakal ana panasaran, nanging bilai kang
nganakake. 2 Luwih becik manawa wong

iku dikalungana ing watu panggilingan lan
banjur dicemplungake ing sagara, katimbang
nasarake salah sijine wong kang ringkih
iki. 3 Reksanen awakmu dhewe! Manawa
sadulurmu duwe kaluputan welehna; manawa
kaduwung apuranen. 4 Saupama anggone
kaluputan marang kowe ngantia kaping pitu
sadina lan kaping pitu uga anggone marani
kowe sarta pratela: Aku kaduwung, iya kudu
kokapura."
5 Para rasul nuli munjuk marang Gusti:
"Kawula mugi sami kaparingana kapitadosan!"
6 Paring wangsulane Gusti: "Manawa kowe
duwe pangandel kang gedhene sawiji sawi
bae, yen kowe calathu marang wit anjir alas
iki: Rungkada, tumancepa ing sagara; mesthi
bakal ngestokake marang pakonmu."

Lurah lan batur

17:7-10

7 "Sapa panunggalanmu kang duwe batur,
kang mluku utawa angon raja-kayane, saulihe
saka ing pategalan apa banjur dicalathoni:
Ayo, endang mangan! 8 Apa ora malah
kosokbaline, dicalathoni mangkene: Aku
cawisana mangan, kowe banjur sabukana lan
ngladenana nganti sarampunge anggonku
mangan lan ngombe. Lan sawise iku kowe
kena mangan lan ngombe. 9 Apa batur mau
banjur diwenehi panarima, marga saka
anggone wis nglakoni apa kang diprentahake?
10 Mangkono uga kowe. Manawa kowe wis

nglakoni kabeh kang kaprentahake marang kowe, kowe padha munia: Aku kabeh iki abdi-abdi kang tanpa guna, amarga mung nglakoni apa kang padha kudu daktindakake.”

Gusti nyarasake wong budhugen sapuluh

17:11-19

11 Kacarita nalika Gusti Yesus tindak
menyang ing Yerusalem, miyos ing sauruting
tapel-watese tanah Samaria lan Galilea.
12 Bareng lumebet ing sawijining desa, ana
wong lara budhugen sapuluh sowan marang
ing ngarsane, nanging mung ngadeg kapara
adoh, 13 sarta padha nguwuh seru, unjuke:
“Dhuh, Gusti Yesus, Sang Guru, kawula mugi
sami Paduka welasi!” 14 Panjenengane nuli
mirsani wong-wong mau lan ngandika: “Kowe
padha lungaa, awakmu tuduhna marang
imam!” Kocapa, sajrone padha lumaku iku,
padha birat najise. 15 Ana siji kang bareng
weruh yen wis waras, banjur cengkelak bali
kanthi ngluhurake Gusti Allah kalawan suwara
sora. 16 Nuli nyungkemi padane Gusti Yesus,
ngunjukake panuwun. Mangka iku wong
Samaria. 17 Gusti Yesus banjur ngandika: “Apa
ora wong sapuluh kang birat najise? Lah kang
sanga endi? 18 Apa panunggalane iku ora ana
kang bali ngluhurake Gusti Allah, kajaba mung
wong manca iki?” 19 Banjur ngandika marang
wong mau: “Ngadega, lungaa, pangandelmu
kang wus mitulungi kowe.”

Bab bakal rawuhe Kratoning Allah

17:20-37

Mt 24:23-28, 36-41

[20] Bareng wong Farisi padha matur pitakon
bab besuk kapan bakal rawuhe Kratoning
Allah, Gusti Yesus nuli paring wangsulan,
pangandikane: "Rawuhe Kratoning Allah
iku tanpa pratandha-pratandha kang katon,
[21] sarta wong iya ora bisa kandha: Lah ana ing
kene, utawa ana ing kana! Amarga satemene
Kratoning Allah iku ana ing antaramu."

[22] Banjur ngandika marang para sakabate:
"Bakal tumeka ing wektune, kowe padha
kapengin nyumurupi sawijining dinane
Putraning Manungsa, nanging ora bakal bisa
nyumurupi. [23] Sarta wong bakal ngandhani
kowe: Lah, ana ing kana; lah ana ing kene!
Kowe aja mrana lan aja kelu. [24] Awitdene kaya
kilat anggone gumebyar saka ing tepining
langit ing sisih kene tekan ing sisih kana, iya
kaya mangkono uga ing dina bakal rawuhe
Putraning Manungsa. [25] Nanging Panjenengane
kudu nandhang sangsara akeh dhisik lan
katampik dening jinis iki. [26] Sarta kayadene
nalika jamane Nabi Nuh, iya kaya mangkono
kaanane besuk ing dina-dinane Putraning
Manungsa. [27] Wong-wong padha mangan lan
ngombe, padha omah-omah lan diomah-
omahake, nganti tumeka ing dinane Nabi Nuh
lumebet ing prau; banjur ana banjir gedhe,
kang numpes wong kabeh. [28] Uga kaya kang

kalakon nalika jamane Lut: wong-wong padha
mangan lan ngombe, padha dol-tinuku, padha
nenandur lan padha yeyasa. 29 Nanging ing
dina lungane Lut metu saka ing kutha Sodom,
banjur ana udan geni lan udan walirang saka
ing langit, kang numpes wong kabeh. 30 Iya
kaya mangkono besuk ing dina ngatingale
Putraning Manungsa. 31 Sing sapa ing dina iku
pinuju ana ing payon, mangka barang-barange
ana ing jero omah, aja mudhun njupuki;
mangkono uga kang lagi ana ing pategalan,
aja mulih. 32 Elinga marang bojone Lut! 33 Sing
sapa ngudi rumeksa marang nyawane, bakal
kelangan nyawane, lan sing sapa kelangan
nyawanr, iku bakal nylametake nyawane.
34 Aku pitutur marang kowe: Ing bengi iku
bakal ana wong loro kang tunggal sapaturon,
kang siji bakal kapulung, sijine bakal katilar.
35 Ana wong wadon loro kang lagi padha giling,
kang siji bakal kapulung, sijine bakal katilar.
36 Manawa ana wong loro ana ing pategalan,
kang siji bakal kapulung, sijine bakal katilar.”
37 Para sakabat banjur padha munjuk marang
Gusti Yesus: “Wonten ing pundi, Gusti?” Paring
wangsulane: “Ing ngendi ana mayit, iya ing
kono manuk-manuk garudha bakal padha
nglumpuk.”

Pasemon bab hakim kang tumindak sawenang-wenang

18:1-8

18 [1] Gusti Yesus paring pasemon marang
para sakabate, kang wose supaya
tansah padha ndedonga, aja nganti bosen.
[2] Pangandikane: “Ing sawijining kutha ana
hakim kang ora wedi marang Gusti Allah
lan ora mreduli marang wong. [3] Ing kutha
kono ana randha kang pijer marani hakim
mau lan matur: Kula mugi panjenengan
rencangi anggen kula prakawisan kaliyan
lawan kula. [4] Hakim mau sawatara lawase
ora gelem, nanging wasana banjur nggagas
mangkene: Sanadyan aku ora wedi marang
Gusti Allah lan ora mreduli marang wong
siji-sijia, [5] mung bae sarehne randha iki
tansah ngrubedi aku, prayogane dakolehne
adil bae, supaya aja pijer teka lan wekasane
aku diamuk.” [6] Gusti banjur ngandika: “Padha
wigatekna apa kang dikandhakake dening
hakim kang ambek sawenang-wenang iku!
[7] Apa Gusti Allah ora bakal maringi adil
marang para pepilihane kang rina wengi padha
sesambat marang Panjenengane? Lan apa
Panjenengane anggone arep paring pitulungan
diundur-undur? [8] Aku pitutur marang kowe:
Panjenengane bakal enggal maringi adil.
Nanging manawa Putraning Manungsa rawuh,
apa bakal manggih pangandel ana ing bumi?”

Pasemon bab wong Farisi lan juru-mupu-beya

18:9-14

9 Lan marang wong sawatara kang nganggep
awake dhewe sampurna sarta ngremehake
marang wong liya, Panjenengane paring
pasemon mangkene: 10 “Ana wong loro
padha mlebu ing Padaleman Suci arep
ndedonga; kang siji wong Farisi, sijine
juru-mupu-beya. 11 Wong Farisi iku ngadeg
lan ndedonga sajroning atine mangkene:
Dhuh Allah, kawula ngunjukaken genging
panuwun wonten ing ngarsa Paduka, dene
kawula boten sami kaliyan tiyang-tiyang
sanes, sanes rampog, sanes tiyang ingkang
tumindak sawenang-wenang, sanes tiyang
ingkang lampah jina saha boten kados juru-
mupu-beya punika. 12 Kawula siyam kaping
kalih saminggu. Sadaya pamedal kawula,
kawula pisungsungaken sapradasanipun.
13 Kosokbaline juru-mupu-beya iku mung
ngadeg ana ing kadohan, malah tumenga
marang ing langit bae ora wani, nanging
mung tebah-tebah dhadha sarta munjuk
mangkene: Dhuh Allah, kawula tiyang dosa
mugi Paduka welasi. 14 Aku pitutur marang
kowe: Wong iki saundure mulih kaanggep
sampurna, dene sijine mau ora. Awit sing sapa
ngluhurake awake dhewe, bakal kaasorake,
dene kang ngasorake awake dhewe, iku bakal
kaluhurake.”

Gusti Yesus mberkahi bocah-bocah

18:15-17

Mt 19:13-15 Mk 10:13-16

15 Tumuli ana wong kang padha teka
nyowanake anak-anake kang isih cilik marang
ing ngarsane, supaya padha diasta. Sumurup
kang mangkono iku para sakabate padha
nepsu marang wong-wong mau. 16 Nanging
banjur padha ditimbali dening Gusti Yesus
sarta padha dipangandikani: "Cikben bocah-
bocah padha marani Aku, aja kokpenggak,
sabab wong-wong kang kaya mangkono iku
kang nduweni Kratoning Allah. 17 Aku pitutur
marang kowe: Satemene sing sapa anggone
nampani Kratoning Allah ora kaya bocah cilik,
iku ora bakal lumebu ing kono."

Wong sugih angel anggone bisa lumebu ing Kratoning Allah

18:18-27

Mt 19:16-26 Mk 10:17-27

18 Kacarita ana sawijining panggedhe matur
pitakon marang Gusti Yesus mangkene: "Dhuh,
Guru ingkang utami, punapa ingkang kedah
kula lampahi, amrih angsal gesang langgeng?"
19 Paring wangsulane Gusti Yesus: "Yagene
kowe ngarani Aku utama? Ora ana wong siji
bae kang utama kajaba mung Gusti Allah
piyambak. 20 Mesthine kowe wis nyumurupi
kabeh pepakone Gusti Allah: Sira aja laku jina,

aja memateni, aja nyenyolong, aja ngucapake
paseksi goroh, ngajenana bapa biyungira."
21 Unjuke wong mau: "Punika sadaya sampun
kula lampahi wiwit anem mila." 22 Mireng kang
mangkono iku Gusti Yesus banjur ngandika:
"Isih ana siji kang kudu koklakoni: kabeh
barang darbekmu edolana lan edum-edumna
marang wong-wong miskin, temah kowe bakal
duwe bandha ana ing swarga, nuli mrenea,
melua Aku." 23 Bareng wong mau krungu
pangandika iku, banjur sedhih banget, amarga
kaliwat sugihe. 24 Banjur dipandeng dening
Gusti Yesus sarta dipangandikani: "Pancen
angel banget tumraping wong sugih dhuwit,
bisane lumebu ing Kratoning Allah. 25 Amarga
gampang unta nlusup ing bolonganing dom,
katimbang karo wong sugih lumebu ing
Kratoning Allah." 26 Wong-wong kang pada
krungu padha calathu: "Yen mangkono, sapa
kang bisa oleh karahayon?" 27 Pangandikane
Gusti Yesus: "Apa kang mokal tumraping
manungsa, iku ora mokal tumraping Allah."

Pituwase ndherek Gusti Yesus

18:28-30

Mt 19:27-30 Mk 10:28-31

28 Petrus munjuk: "Kawula punika smapun
sami nilar sadaya gadhahan kawula lajeng
ndherek Paduka." 29 Pangandikane Gusti
Yesus: "Aku pitutur marang kowe, satemene
saben wong kang marga saka Kratoning Allah
ninggal omahe, bojone utawa sadulure, wong

tuwane utawa anak-anake, [30] iku bakal tampa
piwales tikel-matikel, ing jaman saiki uga, lan
ing jaman kang bakal kalakon bakal tampa
urip langgeng."

Gusti Yesus paring sumurup kang kaping telune bab anggone bakal nandhang sangsara

18:31-34

Mt 20:17-19 Mk 10:32-34

[31] Gusti Yesus banjur nimbali sakabate rolas
sarta dipangandikani mangkene: "Saiki Aku
kabeh padha menyang Yerusalem lan kabeh
kang katulisan dening para nabi tumrap
Putraning Manungsa, iku bakal kayektenan.
[32] Sabab Panjenengane bakal dipasrahake
marang bangsa-bangsa kang ora wanuh
marang Allah, dipoyoki, disiya-siya lan diidoni,
[33] sarta disapu banjur disedani, lan ing telung
dinane bakal wungu." [34] Nanging para sakabat
padha ora mangreti babar pisan bab iku
kabeh; padha kasamaran sarta padha ora
nyandhak marang isining pangandika mau.

Gusti Yesus nyarasake wong wuta ing sacedhake kutha Yerikho

18:35-43

Mt 20:29-34 Mk 10:46-52

[35] Bareng tindake Gusti Yesus wis meh
tekan ing kutha Yerikho, ana wong wuta
linggih ing pinggir dalan, ngemis. [36] Nalika

krungu wong akeh padha liwat, wong mau
takon: "Apa iku?" 37 Ana wong kang mangsuli:
"Gusti Yesus Nasarani langkung." 38 Dheweke
banjur nguwuh-uwuh: "Dhuh, Gusti Yesus,
Tedhakipun Sang Prabu Dawud, kawula mugi
Paduka welasi!" 39 Wong-wong kang padha
lumaku ing ngarep padha nyendhu wong mau,
dikon meneng. Nanging panguwuhe malah
saya seru: "Dhuh, Tedhakipun Sang Prabu
Dawud, kawula mugi Paduka welasi!" 40 Gusti
Yesus banjur kendel lan dhawuh nyowanake
wong mau. Bareng wis ana ing ngarsane, Gusti
Yesus ndangu: 41 "Karepmu dakkapakake?"
Unjuke: "Dhuh, Gusti, kawula mugi sageda
ningali." 42 Gusti Yesus nuli ngandika marang
dheweke: "Bisaa ndeleng! Pangandelmu kang
mitulungi kowe." 43 Sanalika iku uga wong
mau bisa ndeleng, banjur ndherekake tindake
Gusti Yesus kambi ngluhurake Gusti Allah.
Kabeh wong kang padha nyumurupi lelakon
iku padha saos puji marang Gusti Allah.

Carita bab Zakheus

19:1-10

19 1 Gusti Yesus banjur lumebet ing kutha
Yerikho lan tindak nratas ing kutha
kono. 2 Ing kono ana wong aran Zakheus,
juru-mupu-beya kang sugih. 3 Iku ngudi bisane
ndeleng Gusti Yesus iku kaya apa, nanging
ora bisa marga saka cendheke dedege,
kaling-kalingan wong akeh. 4 Mulane banjur
lumayu ndhisiki wong akeh, nuli menek ing

wit anjir supaya bisa ndeleng Gusti Yesus,
kang bakal langkung ing kono. [5] Nalika Gusti
Yesus rawuh ing panggonan kono, banjur
tumenga lan ngandika: “Zakheus, enggal
mudhuna, amarga dina iki Aku prelu leren
ana ing omahmu.” [6] Zakheus enggal-enggal
mudhun lan nampani Gusti Yesus kalawan
bungah. [7] Nanging kabeh wong kang weruh
padha pating kadumel, pangucape: “Kok
karsa lereb ana ing omahe wong dosa.”
[8] Nanging Zakheus banjur ngadeg lan munjuk
marang Gusti: “Gusti, sabarang gadhahan
kawula, sapalih badhe kawula sukakaken
dhateng tiyang miskin sarta manawi wonten
tiyang ingkang sakinten kawula pendheti
punapa-punapanipun kanthi patrap ingkang
boten sae, badhe kawula wangsulaken tikel
sakawan.” [9] Pangandikane Gusti Yesus: “Ing
dina iki omah iki katekan karahayon, amarga
wong iki iya tedhake Rama Abraham. [10] Sabab
Putraning Manungsa iku rawuhe prelu nggoleki
lan mitulungi rahayu marang wong kang
katriwal.”

Pasemon bab dhuwit sapuluh mina

19:11-27

Mt 25:14-30

[11] Gusti Yesus banjur paring pasemon
marang wong kang padha ngrungokake
pangandikane, sabab tindake wis cedhak
kutha Yerusalem sarta panyanane wong-wong
mau yen Kratoning Allah bakal enggal kababar.

12 Panjenengane banjur ngandika: “Ana
sawijining priyagung tindak menyang ing
tanah adoh bakal kajumenengake ratu ana
ing kana, nuli kondur. 13 Banjur nimbali abdine
sapuluh, padha kapasrahan dhuwit sapuluh
mina, pangandikane: Dhuwit iki anggonen
dagang nganti tumeka sakondurku. 14 Nanging
panjenengane iku disengiti ing wong-wong
ing nagarane, mulane tumuli padha nusuli
kongkonan, padha dikon munjuk: Kawula
sami boten trimah, manawi tiyang punika
jumeneng ratu, ngereh kawula sadaya.
15 Kacarita nalika panjenengane kondur, sawise
kajumenengake dadi ratu, banjur dhawuh
nimbali para abdine, kang padha dipasrahi
dhuwit, awit kapengin nguningani bebathene
siji-sijine anggone laku dagang. 16 Wong kang
kapisan seba lan munjuk: Gusti, kagungan
dalem arta samina angsal bathi sadasa
mina. 17 Pangandikane Gustine: Apik banget
pagaweanira, heh, abdi kang becik. Sarehne
sira tumemen ing bab kang sapele, mulane
sira sunparengake nguwasani kutha sapuluh.
18 Nuli kang kapindho seba sarta munjuk:
Gusti, kagungan dalem arta samina angsal
bathi gangsal mina. 19 Pangandikane marang
wong iku: Dene sira nguwasanana kutha lima.
20 Abdi kang katelu seba lan munjuk: Gusti,
lah punika kagungan dalem arta samina,
kawula simpen, kawula bundheli ing kacu.
21 Awit kula ajrih dhumateng panjenengan
dalem. Amargi panjenengan dalem punika
kereng, karsa mundhut ingkang sanes

panjenengan dalem lampahaken, punapa
dene ngundhuh ingkang sanes sebaran dalem.
22 Pangandikane marang wong mau: Heh, abdi
kang ala, sira bakal sunadili manut ujarira
dhewe. Sira wus mangreti, manawa ingsun
iki wong kang kereng, kang mundhut kang
ora sunlakokake, sarta ngundhuh kang dudu
sebaraningsun. 23 Yen mangkono, yagene
dhuwitingsun ora sira pasrahake marang
wong kang nglakokake dhuwit, supaya
sarawuhingsun kenaa sunpundhut dalah
saanakane. 24 Banjur ngandika marang wong-
wong kang ana ing kono: Jupuken dhuwit
samina iku, wenehna marang kang nggawa
sapuluh mina. 25 Unjuke wong-wong mau:
Gusti, piyambakipun sampun mbekta sadasa
mina. 26 Paring wangsulane: Ingsun pitutur
marang sira, saben wong kang duwe, iku
bakal kaparingan, nanging kang ora duwe, iku
bakal kapundhutan, iya dalah kang kaduwe.
27 Nanging kabeh satruningsun iki, kang padha
ora seneng manawa ingsun jumeneng dadi
ratune, iku padha sira ladekna mrene, padha
patenana ana ing ngarsaningsun.”

Gusti Yesus diarak lumebet ing kutha Yerusalem

19:28-44

Mt 21:1-9 Mk 11:1-10 Yo 12:12-15

28 Sawise ngandika mangkono, Gusti Yesus
banjur tindak ngrumiyini wong-wong mau,
menyang ing kutha Yerusalem.

[29] Bareng wis cedhak desa Betfage lan
Betania kang dumunung ing gunung kang
aran gunung Zaitun, Gusti Yesus nuli ngutus
sakabate loro [30] kalawan kaparingan piweling
mangkene: “Padha menyanga ing desa ing
ngarep kae. Salebumu ing kono, kowe bakal
mrangguli belo kuldi cancangan, kang durung
tau ditunggangi ing wong. Iku uculana lan
gawanen mrene. [31] Lan manawa ana wong
kang takon marang kowe: Punapa kok
panjenengane uculi, wangsulana mangkene:
Gusti ingkang mbetahaken.” [32] Kang kautus
banjur padha mangkat lan tinemune kaya
sapangandikane Gusti Yesus mau. [33] Nalika
lagi padha nguculi kuldi mau, wong kang
duwe kuldi padha ngaruh-aruhi: “Sabab
punapa kuldinipun kok panjenengan uculi?”
[34] Wangsulane utusan: “Gusti ingkang
mbetahaken.” [35] Kuldine tumuli dituntun
menyang ing ngarsane Gusti Yesus, banjur
dilarabi jubahe, Gusti Yesus nuli dilawani
anggone nitih belo iku. [36] Sasuwene tindak,
para sakabate padha njereng jubahe ana ing
dalan kang dilangkungi. [37] Bareng cedhak
karo kutha Yerusalem, ana ing dalan kang
mudhun saka ing gunung Zaitun, kabeh
para siswa kang ndherekake tindake padha
wiwit giyak-giyak lan memuji marang Gusti
Allah kanthi swara sora marga saka anane
mukjijat-mukjijat, kang wis padha dideleng.
[38] Mangkene pangucape:

“Binerkahana Sang Prabu ingkang rawuh atas
asmaning Pangeran, tentrem rahayu

wonten ing swarga, saha kamulyan
wonten ing luhuring ngaluhur!”
39 Ana wong Farisi sawatara kang awor
karo wong akeh, iku matur marang Gusti
Yesus: “Guru, para siswa Panjenengan punika
kula aturi ndukani.” 40 Paring wangsulane:
“Aku pitutur ing kowe: Manawa wong iku
padha meneng, watu-watu iki bakal padha
nguwuh-uwuh.”
41 Bareng tindake wis saya cedhak lan mirsa
kutha iku banjur dimuwuni, 42 pangandikane:
“Adhuh, iba becike manawa ing dina iki uga
kowe nyumurupi apa kang prelu kanggo
tentrem rahayumu! Nanging ing saikine bab
iku sinamar tumrap mripatmu. 43 Sabab
bakal tumeka wektune, mungsuhmu padha
makuwon ing saubengmu, sarta ngepung lan
ngrampid kowe saka ing ngendi-endi. 44 Kowe
bakal kagempur nganti wrata karo lemah
bareng karo anak-anakmu, sarta mungsuhmu
ora bakal nglestarekake watu kang siji
tumumpang ing watu liyane ing tembokmu,
awit kowe ora nyumurupi wayahe anggone
Gusti Allah nuweni kowe.”

Gusti Yesus nucekake Padaleman Suci

19:45-48

Mt 21:12-13 Mk 11:15-18 Yo 2:13-16

45 Gusti Yesus banjur lumebet ing Padaleman
Suci, wong kang padha dedagangan ana
ing kono padha ditundhungi kabeh, 46 padha
dipangandikani mangkene: “Ana tulisan:

PadalemaningSun iku dalem pamujan, kok
kokdadekake susuh begal.”
[47] Saben dina Panjenengane memulang
ana ing Padaleman Suci. Para pangareping
imam lan para ahli Toret apadene para
panggedhening bangsa Israel padha ngudi
nyirnakake Panjenengane, [48] nanging padha
ora ngreti patrape kapriye, amarga kabeh
wong padha tansah ngraketi Panjenengane
sarta padha kapengin ngrungokake piwulange.

Pitakonan bab panguwasane Gusti Yesus

20:1-8

Mt 21:23-27 Mk 11:27-33

20 [1] Ing sawijining dina nalika Gusti Yesus
pinuju memulang marang wong akeh
ana ing Padaleman Suci sarta martakake
Injil, para pangareping imam, para ahli Toret
lan para pinituwa padha sowan ing ngarsane
[2] tuwin munjuk marang Gusti Yesus: “Kula
sami kapangandikanana, menggah anggen
Panjenengan nindakaken samukawis sadaya
punika kanthi panguwaos ingkang pundi, saha
sinten ingkang maringi panguwaos punika
dhateng Panjenengan?” [3] Paring wangsulane
Gusti Yesus: “Aku iya arep takon saprakara
marang kowe. Aku kandhanana: [4] Pambaptise
Nabi Yokanan iku saka swarga apa saka
manungsa?” [5] Wong-wong mau banjur padha
rembugan, ujare: “Manawa aku padha kandha:
Saka ing swarga, Dheweke mesthi calathu:
Yagene kowe padha ora nganggep? [6] Nanging

yen aku padha kandha: Saka manungsa,
wong-wong mesthi bakal padha mbenturi
watu marang kita, amarga padha yakin, yen
Yokanan iku nabi.” 7 Nuli padha matur, yen
padha ora ngreti saka ngendi baptisane iku.
8 Gusti Yesus banjur ngandika: “Yen mangkono
Aku iya ora gelem kandha marang kowe,
kalawan panguwasa sing endi anggonKu
nglakoni samubarang kabeh iku.”

Pasemon bab wong tani kang padha nggarap pakebonan anggur

20:9-19

Mt 21:33-46 Mk 12:1-12

9 Gusti Yesus banjur paring pasemon
mangkene marang wong akeh: “Ana wong
gawe pakebonan anggur, nuli disewakake
marang wong-wong tani, banjur lelungan
menyang ing tanah ngamanca nganti
sawatara lawase. 10 Bareng wis tumeka ing
mangsane, tumuli kongkonan batur siji nemoni
wong-wong mau, padha dikon ngladekake
pandumaning pametune pakebonan. Nanging
batur iku banjur digebugi dening wong-wong
tani mau, lan dikon bali nglenthung.
11 Sawise mangkono dheweke kongkonan
batur liyane, nanging iku iya digebugi lan
diwirang-wirangake dening para wong tani
mau lan dikon bali nglenthung. 12 Sabanjure
nuli kongkonan maneh kang kaping telune,
nanging iku iya ditatoni dening wong-wong
mau sarta tumuli diuncalake menyang ing

sajabaning kebon. 13 Kang duwe pakebonan
banjur calathu mangkene: Apa saiki sing kudu
daktindakake? Dakkongkonan anakku kang
kekasih, mesthi bakal dieringi. 14 Nanging
bareng wong-wong tani iku weruh anake mau,
banjur padha rembugan: Iku ahli-warise, ayo
dipateni bae, supaya warisane dadi duwekku
kabeh. 15 Anake mau banjur diuncalake
menyang ing sajabaning pakebonan anggur
sarta banjur dipateni. Saiki apa kang bakal
dilakoni dening kang duwe pakebonan anggur
iku tumrap wong-wong mau? 16 Dheweke
bakal teka lan nyirnakake wong-wong tani
mau sarta kebone anggur banjur disewakake
marang wong-wong liyane." Krungu kang
mangkono iku wong-wong mau banjur
kandha: "Aja pisan-pisan nganti kalakon
iku!" 17 Nanging Gusti Yesus tumuli mandeng
marang wong-wong iku lan ngandika:
"Manawa mangkono apa tegese nas iki:

Watu kang tinampik dening para juru gawe
omah,
iya iku kang wis dadi watu ing pojok.

18 Sing sapa tiba ing watu iku, bakal ajur
mumur, lan sing sapa ketiban, bakal remuk."
19 Para ahli Toret lan para pangareping imam
banjur padha ngudi nyepeng Panjenengane
nalika iku uga, amarga padha ngreti, yen
dheweke kabeh kang dikarsakake ana ing
pasemon iku, nanging padha wedi marang
wong akeh.

Bab ngaturake pajeg marang Sang Nata Agung

20:20-26

Mt 22:15-22 Mk 12:13-17

[20] Marga saka iku padha tansah mindeng
marang Gusti Yesus. Banjur nglakokake
telik kang sangadi mursid, supaya padha
nyengkolong Panjenengane sarana pitakonan
temah bisa ngladekake Panjenengane marang
wewenang lan panguwasane wali-nagara.
[21] Wong-wong mau padha ngaturake pitakonan
marang Panjenengane mangkene: "Guru, kula
sami mangretos, bilih sadaya pangandika
tuwin piwulang Panjenengan punika leres sarta
bilih Panjenengan boten pados pangalembana,
nanging kalayan temen-temen mulangaken
margining Allah. [22] Kula sami ngaturaken paos
dhateng Sang Nata Agung punika kenging
punapa boten?" [23] Nanging Gusti Yesus ora
kakilapan marang kaculikane wong-wong mau,
mulane banjur ngandika: [24] "Aku tuduhana
dhuwit dinar. Iki gambare sapa lan iki tulisane
sapa?" Atur wangsulane kang kadangu:
"Gambaripun lan seratanipun Sang Nata
Agung." [25] Gusti Yesus nuli ngandika: "Yen
mangkono, Sang Nata Agung caosana kang
wajib kokcaosake marang Sang Nata Agung,
lan marang Gusti Allah kang wajib kacaosake
marang Gusti Allah." [26] Dadine Gusti Yesus
ora kena dicengkolong ana ing ngarepe wong
akeh. Wong-wong mau padha kaeraman

krungu paring wangsulane iku lan banjur
padha meneng.

Pitakone wong Saduki bab tangine wong mati

20:27-40

Mt 22:23-33 Mk 12:18-27

27 Nuli ana wong Saduki sawatara, yaiku
kang ora ngakoni anane patangen, padha
sowan ing ngarsane Gusti Yesus lan matur
pitakon marang Panjenengane: 28 "Guru, Nabi
Musa paring dhawuh dhateng kula sadaya
makaten: Manawa ana wong kang duwe
sadulur lanang, tinggal donya, mangka bojone
isih urip, nanging ora tinggal anak, sadulure
mau wajib ngrabeni bojone iku, supaya bisa
nukulake turun kanggo sing tinggal donya
mau. 29 Kalampahan wonten sadherek jaler
pitu, ingkang angka satunggal emah-emah,
wusana lajeng tilar donya boten tilar anak.
30 Tiyang estri wau lajeng kaningkah dening
ingkang angka kalih, 31 lajeng kaningkah
dening ingkang angka tiga, tuwin makaten
salajengipun, urut-urutan karabi dening
sadherek pitu wau, nanging sadaya sami
ngajal boten tilar anak. 32 Wekasanipun tiyang
estri punika inggih tilar donya. 33 Lah sapunika
kadospundi tiyang estri punika, benjing
dinten patangen, lajeng sinten ingkang dados
semahipun, amargi pitu-pitunipun sami nate
dados semahipun?" 34 Gusti Yesus nuli paring
wangsulan, pangandikane: "Wong-wong ing

donya iki, padha omah-omah lan diomah-
omahake, [35] nanging wong-wong kang padha
kaanggep pantes tampa panduman ana ing
jagad liyane iku, lan ana ing patangen saka ing
antarane wong mati, iku bakal ora omah-omah
lan ora diomah-omahake. [36] Sabab padha
ora bisa mati maneh; kaanane kaya para
malaekat sarta padha dadi putraning Allah,
awit wis padha katangekake. [37] Anadene
mungguh tangine wong mati iku, Nabi Musa
iya wis mratelakake ana ing sajroning carita
bab grumbul eri, anggone nyebut Pangeran:
Allahe Abraham, Allahe Iskak, tuwin Allahe
Yakub. [38] Panjenengane iku dudu Allahe wong
mati, nanging Allahe wong urip, awit kang ana
ing ngarsane kabeh iku wong urip.” [39] Krungu
pangandika kang mangkono iku banjur ana
ahli Toret sawatara matur: “Guru, paring
wangsulan Panjenengan punika kasinggihan
sanget.” [40] Awit wong-wong mau wis padha ora
wani matur pitakon apa-apa maneh marang
Gusti Yesus.

Gegayutane Gusti Yesus karo Sang Prabu Dawud

20:41-44

Mt 22:41-46 Mk 12:35-37

[41] Gusti Yesus banjur ndangu marang
wong-wong mau: “Kapriye dene wong kok
bisa ngarani Sang Kristus iku tedhake Sang
Prabu Dawud, [42] mangka Sang Prabu Dawud

piyambak ana ing Kitab Masmur ngandika
mangkene:

Dhawuhe Pangeran marang Gustiku:
Sira lenggaha ana ing tengeningSun,
43 nganti tumeka mungsuhira wis padha
Ingsun dadekake ancik-anciking
talapakanira.

44 Dadi Sang Prabu Dawud nyebut
Panjenengane Gusti, kapriye dene uga dadi
tedhake?”

Gusti Yesus paring pitedah, supaya padha ngawekani para ahli toret

20:45-47

Mt 23:5-7 Mk 12:38-40

45 Nalika wong kabeh padha ngrungokake,
Gusti Yesus banjur ngandika marang para
sakabate: 46 “Padha ngawekanana para ahli
Toret, kang padha seneng mlaku-mlaku
nganggo jubah landhung lan seneng tampa
pakurmatan ana ing pasar sarta seneng
linggih ing ngarep dhewe ana ing papan
pangibadah lan ing papan kang ingajenan
ana ing pahargyan, 47 kang padha mangan
omahe randha-randha nganti entek, sarta
kang nasarake wong kalawan donga kang
dawa-dawa. Wong iku mesthi bakal tampa
paukuman kang luwih abot.”

Pisungsunge randha miskin

21:1-4

Mk 12:41-44

21 1 Bareng Gusti Yesus tumenga, mirsa
wong-wong sugih padha nglebokake
pisungsunge ana ing pethi pisungsung.
2 Tumuli iya mirsani randha miskin kang
nglebokake pisungsung rong igar. 3 Banjur
ngandika: “Aku pitutur marang kowe:
Satemene kang dipisungsungake randha
miskin iku luwih akeh katimbang wong kabeh
iku. 4 Amarga wong-wong kabeh iku ngaturake
pisungsung saka kasugihane, nanging randha
iki ngaturake saka ing kamiskinane, malah
nyaosake sakabehing darbeke kang kanggo
urip.”

Padaleman Suci bakal gempur

21:5-6

Mt 24:1-2 Mk 13:1-2

5 Bareng ana wong sawatara kang padha
rembugan bab Padaleman Suci lan padha
ngalem dene nganggo rinengga ing watu-watu
kang endah sarta pisungsung warna-warna,
Gusti Yesus banjur ngandika: 6 “Apa kang
padha kokdeleng iku bakal tumeka ing wektu
ora ana watu siji bae kang lestari tumumpang
ing watu liyane; kabeh bakal padha digempur.”

Wiwitaning sangsara

21:7-19

Mt 24:3-14 Mk 13:3-13

7 Wong-wong mau banjur padha
matur pitakon: “Guru, benjing punapa
kalampahanipun punika? Saha punapa
ngalamatipun manawi punika badhe
kalampahan?” 8 Paring wangsulane: “Sing
padha waspada, supaya kowe aja nganti
disasarake. Amarga bakal ana wong akeh kang
padha teka nganggo jenengKu lan calathu: Iya
aku iki Panjenengane lan iki wus ndungkap
wektune. Kowe aja ngetut-buri wong-wong
iku. 9 Sarta manawa kowe krungu pawarta
bab peperangan lan kraman, aja padha kaget.
Awit iku kabeh mesthi kudu kalakon dhisik,
ewadene iku durung ateges, yen bakal enggal
tumeka ing wekasaning jaman.”
10 Panjenengane banjur ngandika marang
wong-wong mau: “Bakal ana bangsa kang
nglawan padha bangsa, karajan nglawan
padha karajan, 11 lan bakal ana lindhu kang
nggegirisi sarta ing kana kene bakal ana
pageblug pes lan pailan, apadene bakal
kalakon uga ana bab-bab kang ngagetake
tuwin ilapat-ilapat kang nggegirisi saka ing
langit. 12 Nanging sadurunge iku kabeh, kowe
bakal padha dicekel lan dikaniaya; kowe
bakal dipasrahake menyang ing papan-papan
pangibadah lan ing pakunjaran-pakunjaran
sarta bakal padha diirid marang ing ngarsane

para ratu lan para panguwasa marga saka
jenengKu. 13 Iku bakal dadi jalarane kowe
kabeh bakal padha nglairake paseksen.
14 Mulane sing padha mantep bae, aja
ngrancang-ngrancang dhisik bab kapriye
anggonmu bakal mangsuli. 15 Sabab Aku
dhewe kang bakal maringi marang kowe
tembung-tembung lan kawicaksanan, satemah
kowe ora bisa dilawan utawa dibantah
dening mungsuh-mungsuhmu. 16 Apamaneh
kowe bakal iya padha diulungake dening
wong tuwamu, sadulur-sadulurmu, kadang-
kadeyanmu lan pawong mitramu sarta ana
panunggalanmu sawatara kang bakal dipateni,
17 apadene kowe bakal padha disengiti dening
wong kabeh marga saka jenengKu. 18 Nanging
ora ana rambutmu saeler bae kang bakal
ilang. 19 Manawa kowe padha tetep mantep,
kowe bakal padha nampani uripmu."

Bab gempure kutha Yerusalem

21:20-24

Mt 24:15-21 Mk 13:14-19

20 "Manawa kowe nyumurupi kutha Yerusalem
kakepung ing wadyabala, mangretia, yen
gempure wis cedhak. 21 Ing nalika iku
wong-wong kang ana ing tanah Yudea padha
ngungsia menyang ing pagunungan, lan
wong-wong kang ana ing jero kutha padha
sumingkira, sarta wong-wong kang ana
ing padesan aja lumebu ing kutha maneh,
22 amarga yaiku mangsa tekane piwales, kang

dadi kayektene sabarang kang wis katulisan
kabeh. 23 Nanging mesakake banget para
wong kang lagi ngandheg, utawa kang lagi
nusoni bayi ing wektu iku! Amarga bakal ana
kasangsaran gedhe ing saindenging nagara lan
bangsa iki bakal tampa deduka. 24 Wong-wong
mau bakal padha tiwas kena landheping
pedhang sarta bakal padha kabandhang dadi
tawananing bangsa-bangsa kabeh, sarta kutha
Yerusalem bakal kaicak-icak dening bangsa
kang ora wanuh marang Gusti Allah, nganti
tumeka sarampunge jamane bangsa-bangsa
iku."

Rawuhe Putraning Manungsa

Pasemon bab wit anjir

21:25-33

Mt 24:29-35 Mk 13:24-31

25 "Apadene bakal ana ilapat-ilapat ing
srengenge, ing rembulan lan ing lintang-
lintang, sarta ing bumi para bangsa bakal
padha wedi lan bingung marga saka
gumlegering sagara lan alun. 26 Wong-wong
bakal padha semaput dening giris amarga
kuwatir marang apa kang bakal nekani
jagad; amarga kabeh panguwasaning langit
bakal gonjing. 27 Ing nalika iku wong bakal
padha nyumurupi Putraning Manungsa
rawuh nitih mega, ngagem panguwasa lan
kamulyan gedhe. 28 Anadene manawa iku
kabeh wiwit kalakon, padha njenggeleka lan

tumengaa, amarga wis cedhak anggonmu
bakal kaluwaran.” [29] Gusti Yesus banjur paring
pasemon mangkene: “Padha mawanga wit
anjir lan wit apa bae. [30] Manawa kowe padha
nyumurupi yen wis padha semi, kowe padha
ngreti dhewe, yen wis ngarepake mangsa
panas. [31] Mangkono uga manawa kowe padha
nyumurupi lelakon mau, padha mangretia yen
Kratoning Allah wis cedhak. [32] Aku pitutur
marang kowe: Satemene jinis iki bakal ora
sirna sadurunge iku mau kalakon kabeh.
[33] Langit lan bumi bakal padha sirna, nanging
tembungKu ora bakal sirna babar pisan.”

Piwulang bab jumaga

21:34-38

[34] “Padha jaganen awakmu dhewe, atimu
aja nganti kabotan dening pista gedhen lan
mendem, tuwin dening kasusahaning ngaurip
sarta supaya Dinaning Pangeran mau aja
nganti tumempuh marang kowe kalawan
dadakan kayadene kalajiret. [35] Amarga iku
bakal nungkebi marang sakabehing wong
kang dumunung ing bumi iki. [36] Padha
tansah jumagaa lan ndedongaa, supaya kowe
diparingana kakuwatan kang njalari kowe
padha ora bakal katempuh dening apa kang
bakal kalakon iku lan supaya kowe padha bisa
tahan anggonmu ana ing ngarsane Putraning
Manungsa.”

[37] Kacarita Gusti Yesus yen awan memulang
ana ing Padaleman Suci, dene yen bengi miyos

lan lereb ana ing gunung kang aran gunung
Zaitun. 38 Lan esuke wong-wong kabeh padha
sowan ing ngarsane ana ing Padaleman Suci,
ngrungokake pangandikane.

Rancangan nyedani Gusti Yesus

22:1-2

Mt 26:1-5 Mk 14:1-2 Yo 11:45-53

22 1 Nalika samana wis ngarepake riyaya
Roti Tanpa Ragi, kang aran Paskah.
2 Para pangareping imam lan para ahli Toret
padha golek dalan, anggone bisa nyedani
Panjenengane, amarga padha wedi karo wong
akeh.

Yudas kasurupan iblis banjur saguh ngulungake Gusti Yesus

22:3-6

Mt 26:14-16 Mk 14:10-11

3 Yudas, kang peparab Iskariot, panunggalane
sakabat rolas tumuli kasurupan dening iblis,
4 banjur lunga marani para pangareping imam
lan para lelurahing jaga-baya Padaleman
Suci, prelu rembugan bab anggone bakal
ngulungake Gusti Yesus. 5 Iku padha bungah
lan sarujuk bakal padha aweh opah. 6 Yudas
nyaguhi sarta wiwit nalika iku tansah golek
dalan bisane ngulungake Gusti Yesus, ora
nganti kasumurupan ing wong akeh.

Pacawisan Paskah

22:7-13

Mt 26:17-19 Mk 14:12-16

7 Bareng dina riyaya Roti Tanpa Ragi, yaitu
dina anggone wong-wong padha nyembeleh
cempening Paskah, 8 Gusti Yesus banjur
ngutus Petrus lan Yokanan, dhawuhe: “Kowe
padha lungaa, nyawisna Paskah kang bakal
padha dakpangan.” 9 Unjuke wong loro
mau: “Karsa Paduka anggen kawula sami
nyawisaken wonten ing pundi?” 10 Paring
wangsulane Gusti Yesus: “Manawa kowe padha
lumebu ing kutha, kowe bakal kepethuk wong
kang nggawa kendhi isi banyu, iku banjur
etutna tekan ing omah kang dileboni 11 lan
matura marang kang duwe omah iku: Sang
Guru ndangu dhateng panjenengan: Endi
kamare, sing kena Dakanggo mangan Paskah
bebarengan karo para sakabatKu? 12 Wong iku
banjur nuduhake marang kowe kamar gedhe
ing dhuwur kang wis katata miranti. Kowe
padha nganakna pacawisan ana ing kono.”
13 Karone banjur padha mangkat, tinemune
iya trep kaya kang kapangandikakake dening
Gusti Yesus. Nuli padha nyawisake Paskah.

Gusti mranata Bujana Suci

22:14-23

Mt 26:20-29 Mk 14:17-25 Yo 13:21-30 1Kr 11:23-25

14 Bareng wis tumeka ing wayahe, Gusti
Yesus banjur lenggah dhahar bebarengan karo
para rasule. 15 Tumuli padha dipangandikani:
"Aku wis kapengin banget mangan Paskah
iki bebarengan karo kowe kabeh, sadurunge
Aku nandhang sangsara. 16 Awit Aku pitutur
marang kowe: Aku ora bakal mangan iku
maneh, nganti tumekane iku wis kayektenan
ana ing Kratoning Allah." 17 Sawise mangkono
Panjenengane banjur mundhut tuwung,
saos sokur nuli ngandika: "Iki tampanana
lan edumen kang warata, 18 sabab Aku
pitutur marang kowe: wiwit saiki iki Aku
ora bakal ngombe pametuning wit anggur
maneh, nganti tumeka sawise Kratoning Allah
rawuh." 19 Tumuli mundhut roti, saos sokur,
banjur nyuwil-nyuwil roti mau kaparingake
marang para sakabat kalawan ngandika:
"Iki badanKu kang kaparingake marga saka
kowe. Iki tindakna minangka pangeling-eling
marang Aku." 20 Mangkono uga tuwunge
sawise dhaharan, pangandikane: "Tuwung iki
prajanjian anyar kang sarana getihKu, kang
kawutahake marga saka kowe!
21 Nanging, lah tangane wong kang
ngulungake Aku, nunggal karo Aku ana ing
meja kene. 22 Sabab Putraning Manungsa
pancen bakal jengkar miturut ing pepesthen,

nanging bilai wong kang dadi margane
anggone kaulungake.”
23 Banjur padha wiwit
takon-tinakon, panunggalane iku sapa baya
kang bakal tumindak mangkono.

Kang cilik dhewe bakal dadi pangarep

22:24-30

Mt 26:31-35 Mk 14:27-31 Yo 13:36-38

24 Kacarita para sakabat iya padha diya-diniya
bab panunggalane sapa kang bakal dianggep
dhuwur dhewe.
25 Gusti Yesus banjur ngandika
marang wong-wong mau: “Ratu-ratune
para bangsa iku mrentah marang kawulane
lan kang padha nguwasani iku diarani
pangayoman.
26 Nanging kowe kabeh iku ora
mangkono, malah kang dhuwur dhewe ana ing
antaramu iku dadia kaya kang anom dhewe
lan kang dadi panuntun dadia kang ngladeni.
27 Amarga sapa ta kang luwih dhuwur: kang
linggih mangan, apa kang ngladeni? Rak kang
linggih mangan? Ananging Aku iki ana ing
tengah-tengahmu kayadene kang ngladeni.
28 Kowe kabeh iku kang tansah tetunggalan
karo Aku sajrone Aku kena ing godha-rencana.
29 Sarta Aku wus nyawisake Kraton kanggo
kowe kabeh kayadene RamaKu wus nyawisake
marang Aku,
30 supaya kowe padha bisa
mangan lan ngombe tunggal sameja karo
Aku ana ing KratonKu. Apamaneh kowe bakal
padha linggih ing dhampar lan ngadili talere
Israel rolas.”

Pamecane Gusti bab anggone Petrus bakal nyelaki Panjenengane

22:31-34

31 “Simon, Simon, lah Iblis banget anggone
nginteri kowe kabeh, kaya gandum, 32 nanging
kowe wis dakdongakake, supaya pracayamu
ora ilang. Lan kowe, manawa wis mratobat,
sadulur-sadulurmu padha santosakna.” 33 Atur
wangsulane Petrus: “Gusti, kawula cumadhang
mbelani Paduka, sanadyan ngantosa dipun
kunjara lan dumuginipun pejah pisan.”
34 Nanging Gusti Yesus ngandika: “Aku pitutur
marang kowe, Petrus: ing dina iki bakal ora
ana jago kluruk, sadurunge kowe nyelaki Aku
nganti ping telu.”

Bab kanthong lan pedhang

22:35-38

35 Gusti Yesus banjur ngandika maneh:
“Nalika kowe padha dakutus kae, ora nggawa
rajut, kanthong utawa trumpah, apa kowe tau
padha kekurangan apa-apa?” 36 Ature para
sakabat: “Boten babar pisan.” Pangandikane
Gusti Yesus: “Nanging saiki iki, sing sapa
duwe rajut, kagawaa, mangkono uga kang
duwe kanthong; lan kang ora duwe pedhang,
ngedola jubahe kanggo tuku. 37 Amarga Aku
pitutur marang kowe, nas ing Kitab Suci iki iya
kudu kayektenan tumraping Aku:

Panjenengane bakal kaetang kagolongake
para durjana.
Amarga apa kang katulis tumrap ing Aku
iku lagi kalakon.” [38] Unjuke para sakabat:
“Gusti, punika wonten pedhang kalih.” Paring
wangsulane Gusti Yesus: “Wis cukup.”

Ana ing taman Getsemane

22:39-46

Mt 26:36-46 Mk 14:32-42

[39] Gusti Yesus banjur miyos tedhak menyang
ing gunung Zaitun kaya adate, kadherekake
dening para sakabate uga. [40] Sarawuhe ing
kono, para sakabate padha dipangandikani:
“Padha nyenyuwuna, supaya aja nganti klebu
ing panggodha.” [41] Panjenengane banjur misah
dohe kira-kira sapambalang, nuli jengkeng
ndedonga, ature: [42] “Dhuh Rama, manawi
Paduka marengaken, mugi tuwung punika
kapundhuta saking Kawula. Nanging sampun
pikajeng Kawula, namung karsa Paduka
ingkang kalampahana.” [43] Banjur dikatingali
malaekat saka ing langit kang nyantosakake
Panjenengane. [44] Panjenengane giris banget
lan saya ngepeng anggone ndedonga. Riwene
nganti kaya tetesing getih kang padha tumiba
ing lemah. [45] Banjur jumeneng saka anggone
ndedonga lan tindak murugi para sakabate,
ketemu padha turu, marga saka susahe.
[46] Nuli padha dipangandikani: “Yagene kowe
padha turu? Tangia lan ndedongaa, supaya aja
padha klebu ing panggodha.”

Gusti Yesus kacepeng

22:47-53

Mt 26:47-56 Mk 14:43-50 Yo 18:1-11

47 Sajrone isih ngandika, ana wong
sagrombolan teka, kairid dening sawijining
panunggalane sakabat rolas kang jenenge
Yudas, iku banjur mrepeki Gusti Yesus arep
nucup. 48 Gusti Yesus banjur ngandika marang
dheweke: "Heh, Yudas, anggonmu ngulungake
Putraning Manungsa apa sarana nucup?"
49 Kang padha ndherek Gusti Yesus, bareng
ngreti apa kang bakal kalakon banjur padha
munjuk: "Gusti, punapa kepareng kawula
pedhang?" 50 Sawijining panunggalane tumuli
medhang abdine Imam Agung, kupinge tengen
kaperung. 51 Nanging Gusti Yesus ngandika:
"Wis ta, samono bae! Kupinge banjur kaasta
kawarasake.

52 Gusti Yesus tumuli ngandika marang
para pangareping imam lan para lelurahing
jaga-baya Padaleman Suci sarta para
pinituwa kang padha teka sumedya nyekel
Panjenengane: "Apa Aku iki kokanggep begal,
dene anggonmu padha teka sikep gegaman
pedhang lan penthung? 53 Mangka saben dina
Aku ana ing tengahmu, ana ing Padaleman
Suci, kowe ora padha nyekel Aku. Nanging iki
wektumu, lan iya iki panguwasane pepeteng
iku."

Petrus nyelaki Gusti Yesus

22:54-62

Mt 26:57-58, 69-75 Mk 14:53-54, 66-72 Yo 18:12-18, 25-27

54 Gusti Yesus banjur dicepeng lan digawa
lunga saka ing panggonan kono, diirid
menyang ing daleming Imam Agung.
Anadene Petrus ngetutake saka ing kadohan.
55 Wong-wong padha gawe bedhiyang ana
ing satengahing plataran lan banjur padha
linggih ngubengi bedhiyang iku. Petrus iya
melu linggih ing kono. 56 Nuli ana parekan
weruh Petrus linggih ing ngarepe bedhiyang,
banjur ditamatake, tumuli alok: "Wong iku
iya tetunggalan karo Dheweke." 57 Nanging
Petrus selak, pangucape: "Boten, kula boten
wanuh kalih wong niku!" 58 Ora let suwe ana
wong liyane kang weruh dheweke lan banjur
calathu: "Samang niku enggih tunggale."
Nanging wangsulane Petrus: "Dede, kula
dede." 59 Lan kira-kira let sajam ana wong
liyane maneh kang calathu tanpa ringa-ringa:
"Tenan, wong iki iya tunggale Dheweke,
sabab iki iya wong Galilea." 60 Nanging Petrus
mangsuli, pangucape: "Dede, kula boten
ngreti sing mang kandhakke niku." Sanalika
iku uga, bareng Petrus wis kandha mangkono
iku, ana jago kluruk. 61 Gusti Yesus banjur
minger mirsani Petrus. Petrus nuli kelingan,
yen Gusti wis ngandika marang dheweke:
"Sadurunge jago kluruk ing dina iki, kowe wis

nyelaki Aku kaping telu.” 62 Petrus nuli metu
lan nangis kelara-lara.

Gusti Yesus kaladosake marang ngarsane Pradata Agama

22:63-71

Mt 26:63-68 Mk 14:60-65 Yo 18:19-24

63 Anadene Gusti Yesus dipoyoki dening
wong-wong, kang padha nahan Panjenengane,
sarta digebugi. 64 Pasuryane ditutupi dening
wong-wong lan disuwuni pirsa: “Coba,
bedheken sapa kang nggebugi Kowe iku?”
65 Aliya iku isih akeh maneh panguman-umane
marang Panjenengane.
66 Bareng esuke para pinituwaning bangsa
Yahudi, para pangareping imam lan para ahli
Toret padha nganakake parepatan, Gusti
Yesus banjur diladekake marang ngarsane
pradataning agamane. 67 Nuli didangu:
“Manawa Kowe iki Sang Kristus, kandhaa
marang aku kabeh.” Paring wangsulane Gusti
Yesus: “Sanadyan Aku kandhaa marang kowe
kabeh, kowe bakal padha ora ngandel; 68 lan
sanadyan Aku takona apa-apa, kowe kabeh
bakal ora mangsuli. 69 Wiwit saiki Putraning
Manungsa wis lenggah ana ing satengening
Allah Kang Mahakuwasa.” 70 Wong-wong mau
banjur padha calathu: “Yen mangkono, Kowe
iku Putraning Allah?” Paring wangsulane Gusti
Yesus: “Kowe dhewe padha kandha, yen Aku
iki Putraning Allah.” 71 Banjur padha calathu:
“Apa prelune kita isih padha golek paseksi

maneh. Kita wis padha krungu dhewe saka
pangucape.”

Gusti Yesus ana ing ngarsane Sang Pilatus

23:1-7

Mt 27:1-2, 11-14 Mk 15:1-5 Yo 18:28-38

23 [1] Ing kono kabeh warga pradata banjur
padha ngadeg, Gusti Yesus diladekake
marang ngarsane Sang Pilatus. [2] Nuli wiwit
padha nggugat, ature: “Kula sadaya sampun
sami nyumerepi, bilih Tiyang punika nasaraken
bangsa kula, sami dipun penging ngaturaken
paos dhateng Sang Nata Agung, saha ngaken,
bilih Piyambakipun punika Sang Ratu.” [3] Sang
Pilatus banjur ndangu marang Gusti Yesus:
“Punapa Panjenengan punika Ratunipun tiyang
Yahudi?” Paring wangsulane Gusti Yesus:
“Panjenengan piyambak sampun mastani.”
[4] Sang Pilatus nuli ngandika marang para
pangareping imam lan marang wong akeh
iku: “Tumraping aku wong iki ora tinemu
kaluputane.” [5] Nanging wong-wong mau
saya banget panggugate, ature: “Tiyang
punika damel balelanipun rakyat kalayan
piwulangipun wonten ing tanah Yudea sadaya,
kawiwitan wonten ing tanah Galilea, lan
sapunika sampun dumugi ing ngriki.” [6] Bareng
midhanget atur mangkono iku Sang Pilatus
banjur ndangu, apa Wong iku wong Galilea.
[7] Bareng mirsa yen Gusti Yesus iku kalebet
bawahe Sang Prabu Herodhes, nuli kaladosake

marang ngarsane Sang Prabu Herodhes, kang ing wektu iku pinuju ana ing kutha Yerusalem.

Gusti Yesus ana ing ngarsane Sang Prabu Herodhes

23:8-12

8 Bareng Sang Prabu Herodhes mirsa
Gusti Yesus, banget renane, amarga wis
suwe anggone kapengin mirsa, awit wis
kerep mireng bab Panjenengane, apadene
ngajeng-ajeng nguningani anggone nganakake
pratandha. 9 Akeh kang didangokake marang
Gusti Yesus, nanging Panjenengane ora
paring wangsulan sathithik-thithika. 10 Nalika
samana para pangareping imam lan para ahli
Toret padha maju lan ngaturake panggugat-
panggugat kang abot. 11 Sang Prabu Herodhes
dalah para prajurite banjur padha nglelingsem
lan moyoki Panjenengane, tumuli diagemi
jubah kang endah banget sarta banjur
diwangsulake marang ngarsane Sang Pilatus.
12 Ing dina iku uga Sang Prabu Herodhes karo
Sang Pilatus banjur padha memitran, awit
maune padha sesatron.

Gusti Yesus ana ing ngarsane Sang Pilatus maneh

23:13-25

Mt 27:15-26 Mk 15:6-15 Yo 18:38--19:16

13 Sang Pilatus banjur nimbali para
pangareping imam lan para panggedhe sarta

wong akeh, padha kadhawuhan nglumpuk,
14 nuli padha dipangandikani mangkene:
“Kowe padha ngladekake Wong iki marang aku
kokdakwa gawe balelaning rakyat. Kowe padha
sumurup dhewe, yen wis dakpriksa, nanging
mungguh ing aku bab kang kokgugatake
kabeh tumrap Wong iku ora tinemu ana ing
Dheweke. 15 Dalasan Sang Nata Herodhes iya
ora, sabab Wong iku banjur dibalekake mrene.
Satemene apa kang ditindakake iku ora ana
kang katrap ing paukuman pati. 16 Mulane
mung bakal dakajar, banjur dakluwari.”
17 (Sabab Panjenengane ing dina riyaya iku
wajib ngluwari wong siji kanggo wong-wong
mau.) 18 Nanging wong kabeh mau tumuli
padha nguwuh-uwuh bebarengan: “Kasirnakna
Tiyang punika! Barabas kaluwarana!”
19 Barabas iku kalebokake ing pakunjaran
marga kasangkut ing pambrontakan ing
sajroning kutha lan gawe pepati. 20 Sang
Pilatus ngandikani maneh marang wong-wong
mau, karsane ngluwari Gusti Yesus. 21 Nanging
wong-wongl padha mangsuli kanthi keras
uga panguwuhe: “Kasaliba, kasaliba!”
22 Pangandikane Sang Pilatus kang kaping
telune: “Nglakoni piala apa ta Wong iki
sabenere? Aku ora bisa nemokake kaluputane
kang kena ing paukuman pati. Dadi mung
bakal dakajar banjur dakluwari.” 23 nanging
kalawan bengok-bengok wong-wong padha
nyuwun kanthi adreng, supaya Panjenengane
kasalib, lan wekasane wong-wong mau
menang kalawan bengok-bengok iku. 24 Sang

Pilatus banjur ndhawuhake karampungan,
panyuwune wong-wong mau dikabulake.
25 Sarta nuli ngluwari wong kang kalebokake
ing pakunjarang marga kasangkut ing
pambrontakan lan mateni wong, ngetrepi
panyuwune wong-wong mau, dene Gusti Yesus
nuli kapasrahake marang wong-wong mau ing
sakarep-karpe.

Gusti Yesus kairid bakal kasalib

23:26-32

26 Nalika padha ngirid Gusti Yesus iku,
ana wong kang jenenge Simon, saka ing
kutha Kirene, kang lagi teka bae saka ing
jaban kutha, iku diandheg banjur dikon
manggul salibe lan mlaku ing wingkinge Gusti
Yesus.
27 Sarta ana wong akeh kang padha
ndherekake Panjenengane, akeh wong wadon
panunggalane iku kang padha ngadhuh-adhuh
lan nangisi Panjenengane.
28 Gusti Yesus
nuli minger mirsani wong-wong mau lan
ngandika: "He anak-anake wadon Yerusalem,
aja padha nangisi Aku, awakmu dhewe bae
lan anak-anakmu padha tangisana!
29 Amarga
sumurupa, bakal tumeka ing wektune wong
padha duwe pangucap mangkene: Rahayu
wong wadon kang gabug, lan weteng kang
ora tau nglairake anak, sarta susu kang
ora tau nusoni.
30 Wong-wong banjur bakal
padha calathu marang gunung-gunung: Aku
jugrugana! Lan marang punthuk-punthuk: Aku
urugana!
31 Amarga manawa kaya mangkene

iki panggawene wong marang kayu kang urip, saya maneh kang garing bakal dikapakake?”
32 Ana durjana loro kang uga padha kairid kang bakal diukum pati bebarengan karo Panjenengane.

Gusti Yesus kasalib

23:33-43

Mt 27:33-44 Mk 15:22-32; Yo 19:17-24

33 Satekane ing panggonan kang aran
Pacumplungan, Gusti Yesus banjur disalib
ana ing kono, mangkono uga durjana loro
mau, kang siji ana ing tengen, sijine ana ing
kiwane Gusti Yesus. 34 Gusti Yesus tumuli
munjuk: “Dhuh Rama, tiyang-tiyang punika
mugi Paduka apunten, amargi sami boten
mangretos punapa ingkang dipun tindakaken.”
Pangagemane banjur kaedum-edum sarana
kaundhi. 35 Wong akeh padha ngadeg
nonton. Para panggedhe padha nyenyampahi
Panjenengane, pangucape: “Wong-wong liya
padha dipitulungi, cikben saiki mitulungi
Awake dhewe, manawa pancen Sang Kristus,
Pilihane Gusti Allah!” 36 Mangkono uga para
prajurit iya padha memoyoki Panjenengane
lan padha nyaosi anggur kecut 37 karo ngucap:
“Manawa Kowe ratune wong Yahudi, mara
tulungana Awakmu dhewe!” 38 Ing sadhuwure
mustakane ana tulisan, kang unine mangkene:
“Iki ratune wong Yahudi.”
39 Durjana kang padha digantung mau ana
siji kang ngala-ala marang Gusti Yesus,

pangucape: “Apa Kowe dudu Sang Kristus?
Mara, tulungana Awakmu dhewe lan aku
kabeh.” 40 Nanging sing siji banjur nyaruwe
dheweke, ujare: “Apa kowe ora wedi, uga ora
wedi marang Gusti Allah, mangka kowe tampa
paukuman padha? 41 Aku lan kowe iku pancen
wis sabenere diukum, padha tampa piwales
kang murwat karo panggawe kita, bareng
Panjenengane iki ora nindakake kaluputan
apa-apa.” 42 Banjur munjuk: “Dhuh Gusti
Yesus, mugi Paduka karsaa ngengeti dhateng
kawula, manawi Paduka rawuh ing Kraton
Paduka.” 43 Paring wangsulane Gusti Yesus:
“Aku pitutur marang kowe, satemene ing dina
iki uga kowe bakal bebarengan karo Aku ana
ing Pirdus.”

Sedane Gusti Yesus

23:44-49

Mt 27:45-46 Mk 15:33-41 Yo 19:28-30

44 Bareng watara jam rolas, banjur ana
pagowong kang nglimputi satanah kabeh,
nganti jam telu 45 amarga srengenge ora
sumorot. Kacarita gubahing Padaleman Suci
suwek ing tengah dadi loro. 46 Gusti Yesus
banjur nguwuh kalawan swara sora: “Dhuh
Rama, Kawula masrahaken nyawa Kawula
wonten ing asta Paduka.” Sawise matur
mangkono banjur masrahake nyawane.
47 Nalika panggedhening prajurit nyumurupi
lelakon iku, tumuli ngluhurake Gusti Allah,
pangucape: “Nyata, yen Wong iki tanpa

kaluputan.”
48 Sakehe wong kang padha gegrombolan nonton, bareng wis nyumurupi apa kang kalakon mau, padha mulih kalawan tebah-tebah dhadha.
49 Sakabehe wong kang wis wanuh marang Gusti Yesus, kalebu uga para wong wadon kang padha ndherekake Panjenengane saka ing tanah Galilea, padha ngadeg ana ing kadohan, ndeleng lelakon iku kabeh.

Gusti Yesus kasarekake

23:50-56

Mt 27:57-61 Mk 15:42-47 Yo 19:38-42

50 Ana wong kang jenenge Yusuf, warganing Pradata Agung, wong kang becik lan mursid.
51 Iku ora melu nyarujuki putusan lan tumindaking Pradata, asale saka ing Arimatea, sawijining kutha Yahudi, kang nganti-anti marang Kratoning Allah.
52 Iku seba ing ngarsane Sang Pilatus, nyuwun layone Gusti Yesus.
53 Sawise layon diandhapake, banjur diulesi mori alus, sarta disarekake ing kubur kang tinatah ing pepunthuk parang, tuwin kang durung tau kanggo.
54 Nalika samana pinuju dina pacawisan, ngarepake Sabat.
55 Apamaneh wong-wong wadon kang wis ndherekake Gusti Yesus saka ing tanah Galilea, iku iya padha melu ngiringake sarta maspadakake pasarean mau lan patrap anggone nyarekake layone.
56 Saulihe banjur padha nyawisake anggi-anggi lan lenga jebad.

Dene ing dina Sabat padha leren, netepi ing
angger-angger.

Wungune Gusti Yesus

24:1-12

Mt 28:1-10 Mk 16:1-8 Yo 20:1-10

24 1 Ananging bareng dina kapisan
ing minggu iku, ing wayah esuk
umun-umun, wong-wong wadon mau
padha menyang ing pasarean, karo nggawa
anggi-anggi kang wis dicawisake. 2 Watune
tinemu wis kaglimpangake saka ing pasarean.
3 Bareng padha lumebu, layone Gusti Yesus
ora ketemu. 4 Nalika lagi padha ngadeg
kalawan kuwur atine marga saka kaanan kang
mangkono iku, dumadakan ana priya loro
padha jumeneng ing cedhake, pangagemane
mancorong. 5 Wong-wong mau padha wedi lan
padha tumungkul. Nanging priya loro mau nuli
padha ngandika mangkene: "Yagene, dene
kowe padha nggoleki Kang Gesang ana ing
antarane wong mati? 6 Panjenengane ora ana
ing kene, wis wungu. Elinga marang apa kang
wus kapangandikakake marang kowe kabeh,
nalika isih ana ing tanah Galilea, 7 yaiku, yen
Putraning Manungsa pinasthi kaulungake
marang tanganing wong-wong dosa lan banjur
kasalib, sarta wungu ing telung dinane."
8 Wong-wong wadon mau iya nuli kelingan
marang pangandikane Gusti Yesus iku. 9 Lan
sabaline saka ing pasarean, banjur padha
nyritakake iku kabeh marang sakabat sawelas

lan marang sadulur liyane kabeh. [10] Dene
wong-wong wadon mau yaiku Maryam saka
Magdala,lan Yohana sarta Maryam ibune
Yakobus, tuwin wong-wong wadon liyane
kang padha bebarengan uga nyritani marang
para rasul. [11] Nanging tembung-tembunge
iku dianggep ngayawara, padha ora ngandel
marang wong-wong wadon iku.
[12] Ewasamono Petrus banjur ngadeg lan
mangkat rerikatan menyang ing pasarean.
Bareng nginguk manjero, mung weruh ulese
thok. Nuli lunga lan mikir-mikir, apa ta
kira-kira sing mentas kalakon iku.

Gusti Yesus ngatingal marang wong loro kang padha menyang ing desa Emaus

24:13-35

[13] Ing dina iku uga ana wong loro,
panunggalane para sakabat, padha menyang
ing desa kang aran Emaus, dohe saka ing
Yerusalem watara pitung mil. [14] Wong loro
mau padha rasanan bab kabeh kang mentas
kalakon. [15] Nalika lagi padha rembugan
lan bebantahan, Gusti Yesus piyambak
rawuh nyelaki lan banjur nyarengi ing
lakune. [16] Nanging wong mau mripate padha
kalimputan, mulane padha pangling karo
Panjenengane. [17] Gusti Yesus tumuli ngandika
marang wong loro iku: “Apa sing padha
kokrembug sajrone lumaku iki?” Banjur padha
mandheg kalawan sedhih. [18] Kang siji kang
jenenge Kleopas, mangsuli: “Punapa namung

Panjenengan piyambak tiyang manca ing
Yerusalem, ingkang boten uninga bab ingkang
mentas kelampahan wonten ing ngriku
ing salebetipun sawatawis dinten punika?”
19 Paring wangsulane: “Lelakon apa ta iku?”
Unjuke kang kadangu: “Lelampahanipun
Sang Yesus Nasarani, ingkang jumeneng
nabi, ingkang kuwaos ing pandamel saha
ing pangandika wonten ing ngarsaning Allah
sarta wonten ing ngajengipun bangsa kula
sadaya. 20 Nanging para pangajengipun
imam saha para pangageng kula sami
ngulungaken Panjenenganipun dhateng ing
paukuman pejah, lajeng dipun salib. 21 Mangka
kula sadaya kala rumiyin sami gadhah
pangajeng-ajeng, inggih Panjenenganipun
punika ingkang rawuh badhe ngluwari
bangsa Israel. Nanging sapunika sampun
dumugi ing tigang dintenipun, sasampunipun
punika wau sadaya kalampahan. 22 Namung
kemawon lajeng wonten tiyang estri sawatawis
panunggilan kula ingkang sami damel kaget
kula: Enjing umun-umun sampun sami
dhateng ing pasarean, 23 layonipun boten
pinanggih. Lajeng sami wangsul, cariyos,
bilih sami sumerep malaekat, ingkang sami
ngandika, bilih Panjenenganipun gesang.
24 Nunten wonten kanca kula sawatawis
ingkang sami dhateng pasarean, dene
pinanggihipun pancen leres ingkang dipun
cariyosaken para tiyang estri wau, nanging
boten sami sumerep Panjenenganipun.”
25 Gusti Yesus tumuli ngandika marang

wong-wong mau: “Heh wong kang padha
tanpa budi lan kang randhat ing pamikir,
temah ora pracaya marang samubarang
kabeh, kang wis kapangandikakake dening
para nabi! 26 Sang Kristus apa ora pinasthi
nandhang iku mau kabeh, banjur lumebet
ing kamulyane?” 27 Tumuli padha diparingi
katrangan bab sabarang kang wis katulisan
ing Kitab Suci kabeh tumrap Panjenengane,
wiwit kitab-kitabe Nabi Musa lan kitab-kitabe
para nabi.
28 Bareng wis cedhak ing desa kang
kaparanan, Gusti Yesus kaya-kaya arep
nglajengake tindake. 29 Nanging dicandhet
dening wong-wong mau, unjuke: “Kula aturi
kendel wonten ing griya kula, awit sampun
ngajengaken dalu, surya sampun serap.”
Panjenengane iya banjur lumebet karo wong-
wong mau. 30 Bareng lenggah arep dhahar
bebarengan, nuli mundhut roti, diberkahi
banjur dicuwil-cuwil, diparingake marang
karone. 31 Nalika iku mripate banjur kabuka,
temah ora pangling karo Panjenengane,
nanging Gusti Yesus banjur musna saka
ing pandelenge. 32 Wong loro mau tumuli
padha sapocapan mangkene: “Atiku rak wis
padha ngangah-angah, nalika Panjenengane
ngandika marang aku kabeh ana ing dalan
lan nalika Panjenengane nerangake Kitab Suci
marang kowe lan aku?”
33 Banjur padha ngadeg lan bali menyang
Yerusalem. Ana ing kono padha nyumurupi
sakabat sawelas padha kumpulan karo para

sadulur-sadulur liyane, 34 sarta iku padha
ngucap: “Gusti nyata yen wis wungu lan wis
ngatingal marang Simon.” 35 Wong loro mau
iya tumuli nyaritakake lelakone ana ing dalan,
sarta kapriye anggone mari pangling marang
Gusti Yesus, sajrone nyuwil-nyuwil roti.

Gusti ngatingal marang para siswane kabeh

24:36-49

Yo 20:19-23

36 Nalika padha rembugan bab iku mau,
Gusti dumadakan jumeneng ana ing tengahe
sarta ngandika: “Tentrem rahayu anaa ing
kowe kabeh.” 37 Kabeh padha kaget kaworan
wedi, lan ngira weruh memedi. 38 Nanging
Panjenengane banjur ngandika: “Yagene
kowe padha kaget lan apa sababe dene kowe
padha kethukulan rasa mangu-mangu ana ing
sajroning atimu? 39 Delengen tanganKu lan
sikilKu, iki Aku dhewe; grayangana Aku lan
satitekna, yen memedi rak ora ana daginge
lan balunge, kaya kang padha kokdeleng
ana ing Aku iki.” 40 Ngandika mangkono
iku karo nedahake astane lan sampeyane.
41 Bareng kabeh durung padha ngandel marga
saka bungahe lan isih padha kaeraman,
Panjenengane nuli ngandika: “Ing kene apa
ana sing kena dipangan?” 42 Banjur dicaosi
iwak gorengan sairis. 43 Iku tumuli ditampeni
lan didhahar ana ing ngarepe wong-wong
mau.

44 Banjur padha dipangandikani mangkene:
“Yaiki pituturKu kang Dakkandhakake
marang kowe kabeh, nalika Aku isih nunggal
karo kowe, yaiku yen kabeh kang wis
katulisan tumraping Aku ana ing sajroning
kitab-Torete Nabi Musa lan kitabe para nabi
sarta kitab Masmur, iku kudu kayektenan.”
45 Panjenengane banjur mbuka pikirane
wong-wong mau supaya padha ngreti
marang Kitab Suci. 46 Pangandikane: “Ana
kang katulisan mangkene: Sang Kristus
pinasthi nandhang sangsara lan ing telung
dinane wungu saka ing antarane wong mati.
47 Karodene maneh: pawarta bab pamratobat
lan apuraning dosa kudu kaundhangake
marang sakabehing bangsa atas asmane,
wiwit saka ing Yerusalem. 48 Dene kowe
kang padha dadi seksine bab iku mau kabeh.
49 Sabanjure kowe bakal padha Dakkirimi apa
kang wis dijanjekake dening RamaKu. Nanging
kowe padha anaa ing kutha kene dhisik, nganti
kowe wis padha kaparingan kasekten saka ing
ngaluhur.”

Mekrade Gusti Yesus

24:50-53

50 Sawise mangkono para sakabate banjur
kadhawuhan ndherek Gusti Yesus menyang
ing jaban kutha, menyang ing sacedhake
desa Betania. Ana ing kono Panjenengane
nuli ngangkat astane, para sakabat padha
diberkahi, 51 lan nalika mberkahi mau,

Panjenengane banjur nilar para sakabate
tuwin mitrane menyang ing swarga. 52 Para
sakabat banjur padha sujud nyembah marang
Panjenengane, nuli padha bali menyang ing
Yerusalem kalawan bungah banget, 53 sarta
tansah padha ana ing Padaleman Suci lan
ngluhurake Gusti Allah.

YOKANAN

Sang Sabda kang manjalma

1:1-18

1 [1] Ing kala purwa Sang Sabda iku ana, dene
Sang Sabda iku nunggil karo Gusti Allah
sarta Sang Sabda iku Gusti Allah. [2] Wiwitane
Panjenengane iku nunggil karo Gusti Allah.
[3] Samubarang kabeh dumadine dening Sang
Sabda, lan samubarang kang dumadi ora
ana sawiji-wijia kang ora didadekake dening
Sang Sabda. [4] Sang Sabda kang kadunungan
urip, sarta urip iku kang dadi pepadhanging
manungsa. [5] Anadene Sang Padhang nelahi
sajroning pepeteng, lan ora kalindhih dening
pepeteng iku. [6] Ana priya rawuh kautus dening
Allah asmane Yokanan. [7] Rawuhe dadi seksi,
kapatah nekseni bab Sang Padhang, supaya
dadia lantarane wong kabeh padha pracaya.
[8] Panjenengane iku dudu Sang Padhang
piyambak, mung kapatah nekseni bab Sang
Pedhang. [9] Sang Padhang kang sajati kang
madhangi saben wong, iku lagi ngrawuhi
jagad.

[10] Panjenengane wus ana ing jagad, dhasar
jagad iku dumadine iya dening Panjenengane,
nanging jagad iku ora wanuh marang
Panjenengane. [11] Rawuhe murugi kagungane,
nanging para kagungane iku ora gelem

nampani. [12] Nanging sapa bae kang nampani
Panjenengane iku diparingi wewenang dadi
para putraning Allah iya iku kang padha
pracaya marang asmane, [13] kang laire ora saka
ing getih, iya ora saka pakaremaning daging
utawa saka karepe wong lanang, nanging saka
ing Allah.
[14] Anadene Sang Sabda wus dadi daging
sarta makuwon ana ing antara kita, lan
aku wus padha nyawang kamulyane, iya
iku kamulyan kang kaparingake marang
Panjenengane kang jumeneng Putrane
ontang-anting Sang Rama, kang kapenuhan
ing sih-rahmat lan kayekten. [15] Nabi Yokanan
nekseni mungguh Panjenengane sarta
nguwuh-uwuh, pangandikane: “Iya iki kang
dakkarepake nalika aku pitutur mangkene:
Kang rawuh nungka aku iku wus ngrumiyini
aku, amarga anane sadurunge aku.” [16] Saka
ing kasampurnane kita kabeh wus tampa
ganjaran sih mawantu-wantu. [17] Sabab
angger-angger iku anggone kaparingake
lantaran Nabi Musa, dene sih-rahmat lan
kayekten iku dumadine dening Sang Yesus
Kristus.
[18] Ora ana wong siji-sijia kang wus tau
weruh Gusti Allah. Sang Putra ontang-anting
kang ana ing pangkone Sang Rama, iku kang
nerangake kawontenane.

Paseksene Nabi Yokanan Pambaptis

1:19-28

Mt 3:1-12 Mk 1:1-8 Lk 3:3-6, 15-17

19 Iki paseksene Nabi Yokanan nalika wong
Yahudi saka ing Yerusalem kongkonan para
imam lan para wong Lewi, dikon matur
pitakon: "Panjenengan punika sinten?" 20 Nabi
Yokanan ngaken kanthi bares: "Aku iki
dudu Sang Kristus." 21 Pitakone kongkonan:
"Manawi makaten panjenengan punika
sinten? Punapa Nabi Elia?" Paring wangsulane
Nabi Yokanan: "Dudu." 22 Ing kono ature
kongkonan: "Panjenengan punika sinten,
supados kula sami saged mratelakaken
dhateng ingkang kengkenan kula. Pengaken
panjenengan tumrap sarira panjenengan
kadospundi?" 23 Pangandikane Nabi Yokanan:
"Aku iki swarane wong kang nguwuh-uwuh
ana ing pasamunan: Padha ngencengna margi
ambah-ambahane Pangeran! Kaya kang wus
dipangandikakake dening Nabi Yesaya."

24 Mungguh ing antarane para kongkonan
mau ana wonge Farisi sawatara. 25 Iku banjur
nyuwun pirsa maneh: "Manawi panjenengan
sanes Sang Kristus, sanes Nabi Elia, sanes
nabi ingkang sami kula antos-antos, punapaa
dene panjenengan kok mawi mbaptis?" 26 Nabi
Yokanan mangsuli, pangandikane: "Aku iki
anggonku mbaptis nganggo banyu, nanging
wus ana kang jumeneng ing tengahmu,
kowe padha ora weruh, 27 iya iku kang

rawuhe nungka aku. Ambok nguculi jangeting
trumpahe bae aku ora patut.”
28 Mungguh kelakone iku mau ana ing
Betania, ing sabrange bengawan Yarden,
panggonane Nabi Yokanan mbaptis.

Nabi Yokanan nedahake Gusti Yesus

1:29-34

29 Esuke Nabi Yokanan mirsa Gusti Yesus
murugi, Nabi Yokanan mau banjur ngandika:
“Delengen iku Cempening Allah kang ngilangi
dosane jagad. 30 Iya Panjenengane iku kang
dakkarepake nalika aku kandha mangkene:
Ana priya rawuh nungka aku, kang wus
ngrumiyini aku, amarga anane sadurunge
aku. 31 Ing maune aku iya ora wanuh marang
Panjenengane, nanging supaya Panjenengane
kalairna marang Banisrael, mulane tekaku
nganggo mbaptis ing banyu.”
32 Lan maneh paseksene Nabi Yokanan
mangkene: “Aku wus ndeleng Roh tumedhak
saka ing swarga kaya manuk dara, dedalem
ing sarirane. 33 Maune aku iya ora wanuh
karo Panjenengane, nanging kang ngutus aku
mbaptisi ing banyu, wus ngandika marang
aku: Manawa sira weruh Roh iku nedhaki
sawijining wong lan dedalem ing sarirane
Wong mau, iya iku kang bakal mbaptis sarana
Roh Suci. 34 Anadene aku wus ndeleng lan
nekseni yen iku Putraning Allah.”

Sakabate Gusti Yesus kang kawitan

1:35-51

35 Esuke Nabi Yokanan jumeneng ana
ing papan kono maneh, karo sakabate
loro. 36 Nalika padha weruh Gusti Yesus
langkung, Nabi Yokanan ngandika: “Lah iku
Cempening Allah!” 37 Sakabate loro mau padha
krungu anggone Nabi Yokanan ngandika
mangkono iku, banjur ndherekake tindake
Gusti Yesus. 38 Gusti Yesus tumuli noleh
mirsa yen sakabat mau padha ndherekake,
banjur didangu: “Kowe padha golek apa?”
Unjuke kang didangu: “Rabbi (tegese: Guru),
pakendelan Paduka wonten ing pundi?”
39 Pangandikane Gussti Yesus: “Ayo, kowe
bakal padha weruh!” Tumuli padha mara
lan weruh marang pakendelane, sarta ing
dina iku banjur padha tetunggalan karo
Panjenengane, dene mungguh wayahe iku
watara jan papat. 40 Dene sakabat loro kang
wus krungu pangandikane Nabi Yokanan
banjur ndherekake Gusti Yesus iku, kang
siji yaiku Andreas, sadulure Simon Petrus.
41 Dhisike Andreas ketemu karo Simon,
sadulure, banjur dikandhani: “Aku wus padha
ketemu karo Sang Mesih (tegese: Kristus).”
42 Simon mau tumuli diirid menyang ngarsane
Gusti Yesus. Gusti Yesus banjur mandeng
Simon sarta ngandika: “Kowe iku Simon
anake Yokanan. Kowe bakal dijenengake Kefas
(tegese: Petrus)

43 Esuke maneh Gusti Yesus karsa tindak
menyang ing tanah Galilea. Panjenengane
pinanggih karo Filipus, banjur ngandika:
“Melua Aku!” 44 Filipus mau wong saka ing
Betsaida, kuthane Andreas lan Petrus. 45 Filipus
ketemu Natanael, banjur dituturi mangkene:
“Aku wus padha ketemu karo kang kasebutake
dening Nabi Musa sajroning Toret sarta
dening para nabi, iya iku Gusti Yesus putrane
Bapak Yusuf, saka ing Nasaret.” 46 Pangucape
Natanael: “Saka Nasaret apa ana barang
kang becik?” 47 Wangsulane Filipus: “Ayo,
ndelenga!” Bareng Gusti Yesus mirsa Natanael
sowan ing ngarsane, banjur ngandika bab
dheweke: “Lah, iku wong Israel sajati, kang
ora kadunungan cidra.” 48 Natanael banjur
munjuk: “Paduka nguningani kawula saking
pundi?” Gusti Yesus mangsuli pangandikane:
“Sadurunge kowe diajak dening Filipus, Aku
weruh kowe ana ing sangisore wit anjir.”
49 Natanael munjuk maneh: “Dhuh Rabbi,
paduka punika Putranipun Allah, Paduka
punika Ratunipun Israel.” 50 Gusti Yesus
mangsuli pangandikane: “Olehmu pracaya iku
apa awit anggon-Ku pitutur ing kowe: Aku
weruh kowe ana ing sangisore wit anjir? Kowe
bakal weruh lelakon-lelakon kang luwih elok
katimbang karo iku.” 51 Banjur dipangandikani
dening Gusti Yesus mangkene: “Satemene
pitutur-Ku ing kowe, kowe bakal padha weruh
langit menga, lan para malaekating Allah
padha mudhun lan munggah marang Putraning
Manungsa.”

Manten ing desa Kana

2:1-11

2 1 Nalika ing dina katelune ing desa Kana
tanah Galilea ana manten, sarta kang ibune
Gusti Yesus ana ing kono. 2 Gusti Yesus dalah
para sakabte, uga diulemi mrono. 3 Bareng
padha kekurangan anggur, kang ibune Gusti
Yesus tumuli ngandika marang Panjenengane:
“Padha kentekan anggur.” 4 Pangandikane
Gusti Yesus: “Ibu, panjenengan ngarsakaken
punapa dhateng Kula? Dereng dumugi wekdal
Kula.” 5 Nanging kang ibune Gusti Yesus
banjur dhawuh marang para paladen: “Apa
sadhawuhe marang kowe padha lakonana.”
6 Ing kono ana genthong watu wadhah banyu
nenem, sadhiyan kanggo sesuci manut adate
wong Yahudi, isine saben genthong mau rong
klenthing utawa telung klenthing. 7 Gusti Yesus
tumuli dhawuh marang para paladen mau:
“Genthonge pada kebakana banyu!” Tumuli
iya diiseni nganti kebak. 8 Gusti Yesus banjur
ngandika: “Saiki cidhuken, lan aturna marang
pitayaning gawe!” Banjur kelakon digawa.
9 Pitayaning gawe bareng ngicipi banyu kang
wus dadi anggur mau -- lan dheweke ora
sumurup pinangkane, awit kang sumurup
mung para paladen kang padha nyidhuki
banyune -- tumuli ngaturi panganten lanang,
10 sarta matur: “Saben tiyang nyegah anggur
punika ingkang sae rumiyin. Dene manawi
para tamu anggenipun ngunjuk sampun

kathah lajeng saweg nyegahaken ingkang
kirang sae. Nanging Panjenengan kok nyimpen
anggur ingkang sae ngantos sapunika.”
11 Prakara mau katindakake dening Gusti
Yesus ana ing Kana tanah Galilea, dadi
wiwitaning mukjijat-mukjijat, lan srana
mangkono Panjenengane wus mbabarake
kaluhurane. Para sakabate tumuli padha
pracaya marang Panjenengane.

Gusti Yesus ana ing kutha Kapernaum

2:12

12 Sawuse mangkono Gusti Yesus banjur
tindak menyang ing kutha Kapernaum,
bebarengan karo kang ibu lan para sadhereke
tuwin para sakabate; nanging ana ing kono
mung kendel sawatara dina bae.

Gusti Yesus nyucekake Padaleman Suci

2:13-25

Mt 21:12-13 Mk 11:15-17 Lk 19:45-46

13 Nalika ngarepake riyayane Paskah
wong Yahudi, Gusti Yesus tindak menyang
Yerusalem. 14 Ana ing Padaleman Suci Gusti
Yesus mirsa wong-wong kang adol sapi,
wedhus, manuk dara, apadene wong-wong
preyalan padha dhasar ana ing kono.
15 Panjenengane mundhut tampar kagem
pecut, banjur nundhungi wong-wong mau
kabeh dalah wedhuse lan sapine, saka ing
Padaleman Suci. Dhuwite preyalan-preyalan

padha disuntaki, mejane padha digolingake.
16 Bakul-bakul dara padha kadhawuhan
mangkene: “Kabeh iki padha singkirna saka
ing kene! Padalemane Rama-Ku aja kokgewe
omah padagangan.” 17 Para sakabate tumuli
kelingan manawa ana tulisan mangkene:
“Katresnan Kawula dhateng Padaleman
Paduka punika ngantos nggrantesaken
Kawula.” 18 Wong-wong Yahudi tumuli nyela
atur marang Gusti Yesus: “Panjenengan
saged damel mukjijat punapa ingkang saged
Panjenengan ketingalaken dhateng kula
sadaya, dene Panjenengan kok nindakaken
pratingkah kados makaten?” 19 Gusti Yesus
mangsuli pangandikane: “Padaleman Suci
iki bubrahen, sajroning telung dina bakal
Dakdegake maneh.” 20 Unjuke wong Yahudi:
“Padaleman Suci punika kabangun ing
salebetipun kawandasa nem taun, mangka
Panjenengan kok badhe, ngadegaken
salebeting tigang dinten?” 21 Nanging kang
dipangandikakake Padaleman Suci iku
sarirane piyambak. 22 Ing tembe, sawuse
Gusti Yesus wungu saka ing antarane wong
mati, para sakabate lagi padha kelingan, yen
Panjenengane wus tau ngandika mangkono
mau, banjur padha pracaya marang Kitab Suci
lan marang pangandika kang kadhawuhake
dening Gusti Yesus.

23 Nalika Gusti Yesus ana ing Yerusalem,
sajrone riyaya Paskah, akeh wong pracaya
marang Panjenengane, marga padha
weruh mukjijat-mukjijat kang katindakake.

24 Ananging Gusti Yesus piyambak ora
nganggep marang pracayane wong-wong iku
mau, amarga kabeh wus diuningani, 25 sarta
ora prelu ana wong kang nyaosi paseksen
bab manungsa marang Panjenengane, jalaran
Panjenengane wis mirsa piyambak apa kang
ana ing batine manungsa.

Piwulange Gusti Yesus marang Nikodhemus bab lair kapindho

3:1-21

3 1 Ana wong Farisi jenenge Nikodhemus,
panggedhene wong Yahudi, 2 seba marang
ngarsane Gusti Yesus ing wayah bengi, sarta
munjuk: "Rabbi, kawula sami sumerep bilih
rawuh Panjenengan dados guru punika kautus
dening Gusti Allah, amargi boten wonten
tiyang ingkang saged nindakaken pratandha
kados ingkang Panjenengan tindakaken
punika manawi boten tinunggil dening Allah."
3 Gusti Yesus mangsuli, pangandikane:
"Satemen-temene pututurKu ing kowe:
Wong manawa ora kalairake maneh mesthi
ora bisa weruh Kratoning Allah." 4 Unjuke
Nikodhemus: "Tiyang sampun sepuh makaten
anggenipun saged lair kadospundi? Punapa
saged lumebet malih dhateng guwa-garbaning
biyungipun, lajeng kalairaken malih?" 5 Paring
wangsulane Gusti Yesus: "Satemen-temene
pituturKu ing kowe: Wong manawa ora
kalairake saka banyu lan Roh, mesthi ora bisa
lumebu marang Kratoning Allah. 6 Apa kang

lair saka ing daging iku daging lan kang lair
saka ing Roh, iku roh. 7 Aja gumun, dene
Aku pitutur ing kowe: Kowe kudu padha
kalairake maneh. 8 Menyang ngendi midide
angin iku miturut ing sakarepe, lan kowe
krungu sumiyute, nanging ora sumurup
pinangkane lan parane. Kaya mangkono iku
kaanane saben wong kang kalairake saka
ing Roh!" 9 Nikodhemus munjuk: "Prakawis
punika sagedipun kalampahan kadospundi?"
10 Gusti Yesus mangsuli pangandikane: "Kowe
iku rak dadi gurune wong Israel, dene kok
ora ngreti prakara iku? 11 Satemen-temene
pituturKu ing kowe: Kang padha Dakrembug
iku, iya kang padha Daksumurupi sarta
kang padha Daksekseni iya kang padha
Daktingali, ewadene kowe ora padha nampani
ing paseksenKu kabeh. 12 Manawa kowe nalika
Daktuturi bab kadonyan padha ora ngandel,
kapriye bisamu padha ngandel saupama
Daktuturana bab kaswargan? 13 Ora ana wong
siji-sijia kang sumengka menyang ing swarga,
kajaba mung Panjenengane kang wus tumurun
saka ing swarga, iya iku Putrane Manungsa.
14 Kayadene Nabi Musa anggone manjer
rerekan ula ana ing ara-ara-samun, iya
mangkono uga Putrane Manungsa anggone
pinesthi kapanjer, 15 supaya saben wong
kang pracaya marang Panjenengane oleh urip
langgeng. 16 Awitdene Gusti Allah anggone
ngasihi marang jagad iku nganti masrahake
Kang Putra ontang-anting, supaya saben
wong kang pracaya marang Panjenengane aja

nganti nemu karusakan, nanging nduwenana
urip langgeng. 17 Sabab Gusti anggone
ngutus Kang Putra ngrawuhi jagad iku ora
supaya ngadili marang jagad, nanging supaya
mitulungi rahayu marang jagad. 18 Sing sapa
pracaya marang Panjenengane, iku ora bakal
diukum, balik sing sapa ora pracaya, iku wus
kapatrapan, amarga ora pracaya marang
asmane Putraning Allah kang ontang-anting.
19 Anadene mungguh paukuman mau
mangkene: Sang Padhang iku wus rawuh
ing jagad, nanging manungsa padha luwih
rumaket marang pepeteng, tinimbnang karo
pepadhang, amarga panggawe-panggawene
ala. 20 Sabab sing sapa nindakake piala mesthi
sengit lan nyingkur marang pepadhang supaya
aja kongsi katon panggawene kang ala iku.
21 Balik sapa kang tumindak bener iku marani
pepadhang, supaya tetelaa yen panggawene
iku mau linakonan ana ing patunggilaning
Allah."

Paseksene Nabi Yokanan bab Gusti Yesus

3:22-36

22 Sawuse mangkono Gusti Yesus tindak
menyang ing tlatahe tanah Yudea kadherekake
para sakabate, banjur kendel ana ing kono
karo para sakabate sarta mbaptis. 23 Dene
Nabi Yokanan anggone mbaptis ana ing Ainon,
sacedhake Salim, awit ing kono akeh banyune,
wong-wong nuli padha mrono sarta dibaptisi,

24 awit nalika samana Nabi Yokanan durung
kalebokake ing pakunjaran.
25 Nalika samana tuwuh bebantahane
para sakabate Yokanan karo wong Yahudi
bab sesuci. 26 Sakabat mau tumuli padha
sowan marang ngarsane Nabi Yokanan lan
matur: "Rabbi, tiyang ingkang sesarengan
kaliyan panjenengan wonten ing sabrangipun
benawi Yarden saha ingkang sampun
panjenengan sekseni punika inggih mbaptis
sarta kapurugan dening tiyang kathah." 27 Nabi
Yokanan mangsuli; pangandikane: "Wong ora
bisa ndhaku apa-apa manawa ora kapringan
saka ing swarga. 28 Kowe dhewe padha dadi
seksiku anggonku duwe pitutur: Aku iki dudu
Sang Mesih, mung kautus lumaku dadi cecala
ana ing ngarsane. 29 Kang nduweni panganten
wadon iku panganten lanang, dene mitrane
panganten lanang kang ngadeg ing sacedhake
lan nilingake, iku bungah banget ngrungokake
swarane panganten lanang iku. Iya iku
kabungahanku lan kang kaya mangkono iku
saiki wus katutugan. 30 Panjenengane iku
pinasthi saya mundhak, nanging aku iki saya
suda.
31 Kang rawuhe saka ing ngaluhur iku
ngungkuli sakabehe, kang pinangkane saka
ing bumi iku iya saka ing bumi, lan calathune
iya nganggo basa ing bumi. Kang rawuhe saka
ing swarga iku ngungkuli sakabehe. 32 Sarta
apa kang wus ditingali lan dipiyarsakake
iya iku kang disekseni; ewadene ora ana
wong siji-sijia kang nampani ing paseksene.

33 Sapa kang nampani ing paseksene iku,
ngakoni yen Gusti Allah iku sanyata. 34 Sabab
kang kautus dening Gusti Allah iku kang
ndhawuhake pangandikane Gusti Allah,
amarga Gusti Allah anggone maringake Rohe
tanpa wates. 35 Sang Rama ngasihi marang
Sang Putra, sarta wus masrahake samubarang
kabeh marang Panjenengane. 36 Sing sapa
pracaya marang Sang Putra, iya nduweni
urip langgeng, nanging sing sapa ora mituhu
marang Sang Putra, iku bakal ora weruh
ing urip, nanging malah langgeng anggone
kataman ing bebenduning Allah.”

Gusti wawan sabda karo wong wadon Samaria

4:1-42

4 1 Bareng Gusti mirsa yen wong Farisi wus
padha krungu pawarta yen kang manjing
dadi siswa sarta dibaptis dening Gusti Yesus
iku kehe ngluwihi sakabate Nabi Yokanan,
2 -- sanadyan dudu Gusti Yesus piyambak
kang mbaptis, nanging mung para sakabate
-- 3 Panjenengane tumuli nilar tanah Yudea,
tindak wangsul menyang ing tanah Galilea.
4 Anadene tindake mau kudu miyos ing tanah
Samaria. 5 Banjur rawuh ing sawijining kutha
ing tanah Samaria kang aran Sikhar, cedhak
karo palemahan kang biyen diparingake
dening Rama Yakub marang kang putra Yusuf.
6 Ing kono ana sumure Rama Yakub. Gusti
Yesus sarehne kraos sayah saka anggone

tindak, banjur lenggah ana pinggiring sumur
kono. Nalika samana kira-kira wayah jam
rolas. 7 Tumuli ana wong wadon Samaria teka
arep ngangsu. Gusti Yesus ngandika marang
wong mau: “Aku wenehana ngombe!” 8 Awit
para sakabate lagi padha menyang kutha tuku
pangan. 9 Wong wadon mau banjur munjuk:
“Kadospundi dene Panjenengane tiyang Yahudi
kok mundhut ngunjuk dhateng kula tiyang
Samaria?” (Awit wong Yahudi ora srawung
karo wong Samaria.) 10 Gusti Yesus mangsuli,
pangandikane: “Manawa kowe sumurup ing
peparinge Allah, lan sapa wonge kang tutur ing
kowe: Aku wenehana ngombe, mesthi kowe
kang njaluk marang wong iku, tumuli kowe
diwenehi banyu urip.” 11 Unjuke wong wadon
mau: “Bendara, Panjenengan boten kagungan
timba, mangka sumuripun lebet, dados
saking pundi anggen Panjenengan angsal
toya gesang punika? 12 Panjenengan mesthi
boten nglangkungi leluhur kula Yakub ingkang
maringaken sumur punika dhateng bangsa
kula. Dene panjenenganipun ugi ngunjuk
saking sumur punika, samanten ugi para
putra lan kewanipun.” 13 Gusti Yesus mangsuli
pangandikane: “Sapa wong kang ngombe
banyu iki bakal ngelak maneh, 14 nanging
sing sapa ngombe banyu pawewehKu, bakal
ora ngelak ing salawas-lawase. Malah banyu
pawewehKu mau ana ing jerone wong iku
bakal dadi sumber, kang mancur terus
tumeka ing urip, langgeng.” 15 Unjuke wong
wadon mau: “Bendara, kula Panjenengan

paringi toya punika, supados sampun ngantos
ngelak, sarta boten sisah ngangsu mriki
malih!” [16] Pangandikane Gusti Yesus: “Lungaa,
undangen bojomu, tumuli balia mrene!”
[17] Unjuke wong wadon: “Kula boten gadhah
semah.” Pangandikane Gusti Yesus: “Bener
kandhamu, yen kowe ora duwe bojo iku.
[18] Sabab anggonmu bebojoan wus ambal
kaping lima, mangka kang saiki iku dudu
bojomu. Pancen bener ujarmu kang mangkono
iku.” [19] Unjuke wong wadon: “Gusti, sapunika
tumrap kawula sampun cetha, bilih Paduka
punika nabi. [20] Para leluhur kawula anggenipun
sujud wonten ing redi punika, mangka bangsa
Paduka criyos bilih panggenanipun tiyang
nglampahi sujud punika ing Yerusalem.”
[21] Pangandikane Gusti Yeusu: “He, wong
wadon, ngandela marang Aku, bakal tumeka
ing wektune anggonmu padha sujud marang
Gusti Allah ora ana ing gunung iki, lan iya ora
ana ing kutha Yerusalem. [22] Kowe iku padha
sujud marang kang ora padha kokweruhi.
Aku iki padha sujud marang kang padha
Dakweruhi. Awit mungguh wijiling karahayon
iku saka bangsa Yahudi. [23] Nanging bakal
tumeka ing wektune, malah saiki wus tumeka
ing wektune para wong sujud kang sajati iku
anggone padha sujud marang Sang Rama
sajroning Roh lan kayekten, awit wong sujud
kang kaya mangkono iku kang dikarsakake
dening Sang Rama. [24] Gusti Allah iku Roh,
mulane kang padha sujud marang Gusti Allah,
anggone sujud iku kudu ing sajroning roh lan

kayekten.” 25 Unjuke wong wadon: “Kawula
sumerep bilih Sang Mesih badhe rawuh,
ingkang ugi kasebat Sang Kristus; punika
sarawuhipun badhe nyumerepaken samukawis
dhateng kawula sadaya.” 26 Pangandikane
Gusti Yesus: “Iya Aku iki Panjenengane kang
lagi ngandikan karo kowe iki.”
27 Nalika samana para sakabate teka,
sarta padha gumun dene Gusti Yesus imbal
pangandika karo wong wadon. Ananging ora
ana siji-sijia kang munjuk: “Ingkang Paduka
karsakaken punapa?” Utawa: “Tiyang punika
Paduka pangandikani punapa?” 28 Wong wadon
mau tumuli ninggal june ana ing kono, banjur
menyang kutha lan crita marang wong-wong
ing kono: 29 Ayo padha ndelenga, ing kana
ana wong kang ngandhakake lelakonku kabeh
marang aku. Apa kirane iku Sang Kristus?”
30 Wong-wong mau tumuli padha mangkat
menyang ing sajabane kutha sowan marang
ngarsane Gusti Yesus.
31 Nalika samana para sakabate tumuli
matur marang Gusti Yesus, unjuke: “Rabbi,
sumangga Paduka dhahar!” 32 Nanging Gusti
Yesus ngandika: “Aku duwe pangan kang ora
padha koksumurupi.” 33 Kang iku para sakabat
padha sapocapan: “Apa kira-kira ana wong
kang nyaosi dhahar?” 34 Pangandikane Gusti
Yesus: “Kang dadi panganKu iya anggonKu
nglakoni karsane kang ngutus Aku, sarta
ngrampungake ayahane. 35 Rak ana ujarmu
kang mangkene: Kurang patang sasi nuli
panen. Nanging pituturKu ing kowe: Padha

delengen ing kiwa tengenmu lan tamatna
pategalan-pategalan, kang katon kuning iku
wus kena dieneni. 36 Saiki kang derep wus
tampa bawon, sarta nglumpukake woh kang
tumuju marang ing urip langgeng, satemah
kang nyebar lan kang derep loro-lorone padha
bungah. 37 Awit tumrap iki bener bebasan
kang muni mangkene: Kang siji nyebar, sijine
kang ngeneni. 38 Kowe padha Dakutus ngeneni
kang dudu garapanmu. Wong liya kang padha
nggarap, lan kowe kang padha ngundhuhi
pametuning garapane."

39 Kacarita akeh wong Samaria ing kutha kono
kang padha pracaya marang Panjenengane
awit saka paseksene wong wadon mau:
"Panjenengane wus mbedhek sakabehing
lelakonku." 40 Wong-wong Samaria mau
bareng wus sowan ing ngarsane Gusti Yesus,
padha duwe atur panyuwun, muga karsaa
lereb ana ing omahe. Panjenengane iya banjur
lereb ana ing kono rong dina, 41 sarta mundhak
akeh maneh kang padha manjing pracaya awit
saka pangandikane, 42 lan padha tutur marang
wong wadon mau: "Anggonku padha pracaya
wus ora marga saka ujarmu iku. Amarga aku
dhewe wus padha ngrungokake Panjenengane,
lan aku wus padha sumurup yen sanyatane
Panjenengane iku Pamartaning jagad."

Bali menyang Galilea

4:43-45

43 Sawuse rong dina iku Gusti Yesus tedhak
saka ing kono menyang ing tanah Galilea,
44 sabab Gusti Yesus wus nekseni piyambak
yen kang jeneng nabi iku ora kajen ana
ing nagarane dhewe. 45 Sarawuhe ing tanah
Galilea, banjur ditampeni dening wong-wong ing kono, marga iku wus padha ndeleng sakehing pandamele ana ing Yerusalem nalika riyaya, amarga wong-wong mau uga melu nekani riyaya iku.

Anake priyayi kadhaton

4:46-54

Mt 8:5-13 Lk 7:1-10

46 Gusti Yesus tumuli tindak maneh menyang
ing Kana ing tanah Galilea, panggonane nalika Panjenengane nyabdakake banyu dadi anggur. Anadene ing Kapernaum ana priyayi kadhaton
duwe anak lanang kang lagi lara. 47 Nalika
priyayi mau krungu warta manawa Gusti Yesus saka ing tanah Yudea rawuh ing tanah Galilea, banjur seba marang ngarsane Gusti Yesus sarta darbe panyuwun muga karsaa tedhak nyarasake anake, awit anake iku wus
arep mati. 48 Gusti Yesus tumuli ngandika
marang priyayi mau: “Manawa ora ndeleng pratandha lan kaelokan, kowe ora bakal padha
pracaya.” 49 Unjuke priyayi mau: “Dhuh Gusti,

mugi karsaa tedhak sapunika mumpung anak
kawula dereng pejah.” 50 Pangandikane Gusti
Yesus: “Balia, anakmu urip.” Priyayi mau
pracaya marang pangandikane Gusti Yesus
iku, tumuli bali. 51 Nalika isih ana ing dalan
priyayi mau kapethuk abdi-abdine, kang
padha nusul ngaturi pawarta, manawa anake
urip. 52 Tumuli padha didangu, wayah apa
anake wiwit waras. Ature: “Kala wingi wanci
jam satunggal siyang, anggenipun mantun
benter.” 53 Bapakne mau banjur kelingan yen
ing wayah iku anggone dipangandikani dening
Gusti Yesus: “Anakmu urip.” Priyayi mau
tumuli pracaya dalah sabrayate kabeh.
54 Iku pratandha kang kapindho kang
katindakake dening Gusti Yesus nalika kondur
saka ing tanah Yudea menyang ing tanah
Galilea.

Gusti nyarasake wong lara ing dina Sabat ana ing blumbang Betesdha

5:1-18

5 1 Sawuse mangkono, kabener ana riyaya
wong Yahudi, Gusti Yesus nuli tindak
menyang ing Yerusalem. 2 Ing Yerusalem, ing
sacedhak Seketheng Wedhus, ana blumbang
kang ing tembung Ibrani diarani: Betesdha,
kang ana bangsale lima. 3 Ing bangsal-bangsal
kono akeh banget wong lara pating glethak,
wong wuta, wong lara pating glethak, wong
wuta, wong lumpuh, wong pincang, padha
ngenteni kocaking banyu. 4 Awit ing samasa-

masa ana malaekating Pangeran tumedhak
ing blumbag kono ngocakake banyune, sarta
manawa banyu mau kocak, sing sapa nyegur
dhisik dhewe, dadi waras, sanadyan apa bae
lelarane. 5 Kocapa ing kono ana wong kang
nandhang lara wus telung puluh wolu taun
lawase. 6 Bareng Gusti Yesus mirsa wong mau
ngglethak ana ing kono, sarta ngudaneni
manawa wus lawas anggone mangkono mau,
wong mau tumuli dipangandikani: “Kowe apa
kapengin waras?” 7 Atur wangsulane sing lara:
“Dhuh, Gusti, boten wonten tiyang ingkang
nyemplungaken kawula dhateng ing blumbang
samasa toyanipun wiwit kocak. Dene manawi
kawula saweg murugi, lajeng wonten
tiyang sanes ingkang ambyur ngrumiyini
kawula.” 8 Pangandikane Gusti Yesus: “Tangia,
paturonmu angkaten, lan lumakua!” 9 Sanalika
wong mau dadi waras, nuli ngangkat paturone
lan banjur mlaku.
Nanging nalika iku pinuju dina Sabat.
10 Amarga saka iku wong-wong Yahudi padha
ngaruh-aruhi wong kang lagi bae waras mau,
pangucape: “Iki dina Sabat, kowe ora kena
ngangkat paturonmu!” 11 Nanging wangsulane
wong mau: “tiyang ingkang nyarasaken
kula punika ingkang dhawuh dhateng kula:
Paturonmu angkaten, lumakua!” 12 Wong-wong
Yahudi banjur padha takon: “Sapa wonge kang
akon kowe: Paturonmu angkaten, lumakua?”
13 Nanging wong kang lagi bae waras ora
weruh, iku sapa, amarga Gusti Yesus wus
nylimpet ana ing tengahe wong akeh kang ana

ing kono. [14] Sawuse mangkono Gusti Yesus
mrangguli wong mau ana ing Padaleman Suci,
banjur dipangandikani: “Kowe wus waras, aja
gawe dosa maneh, supaya kowe aja nganti
kataman kang luwih banget.” [15] Wonge tumuli
lunga aweh weruh marang wong-wong Yahudi
manawa kang marasake dheweke iku Gusti
Yesus. [16] Lan marga saka iku, wong-wong
Yahudi padha ngudi arep nganiaya marang
Gusti Yesus, amarga nindakake kang kaya
mangkono ing dina Sabat. [17] Nanging Gusti
Yesus ngandika: “RamaKu nindakake pakaryan
nganti saprene, mulane Aku iya uga nglakoni
pagaweanKu.” [18] Kang iku wong Yahudi
mundhak nemen maneh pangarahe nyedani
Gusti Yesus iku, awit ora ngemungake nerak
Sabat bae, nanging uga marga mastani yen
Gusti Allah iku Kang Rama piyambak, dadi
sarirane dipadhakake Gusti Allah.

Paseksene Gusti Yesus tumrap sarirane piyambak

5:19-47

[19] Ing kono Gusti Yesus mangsuli
pangandikane: “Satemen-temene pituturKu
ing kowe: Sang Putra ora bisa nindakake apa-
apa saka awake dhewe, manawa Panjenengane
ora weruh kang katindakake dening Sang
Rama. Sabab apa kang katindakake dening
Sang Rama, iku uga katindakake dening
Sang Putra. [20] Sabab Sang Rama ngasihi
Sang Putra sarta Panjenengane nedahake

sabarang kang ditindakake piyambak marang
Sang Putra iku. Malah Panjenengane iya bakal
nedahake marang Kang Putra pandamel kang
luwih agung maneh katimbang karo iku,
supaya kowe padha gumuna. 21 Awit padha
kaya Sang Rama anggone nangekake lan
nguripake wong kang padha mati, mangkono
uga Sang Putra iya nguripake sok wonga
kang dikarsakake. 22 Dene Sang Rama ora
ngadili sapa bae, nanging pangandilan iku wus
dipasrahake marang Sang Putra, 23 supaya
kabeh wong padha ngurmatana marang Sang
Putra kayadene anggone ngurmati marang
Sang Rama. Sing sapa ora ngurmati marang
Sang Putra, iku uga ora ngurmati marang
Sang Rama kang ngutus Panjenengane.
24 Satemen-temene pituturKu ing kowe:
Wong kang ngrungokake ing pituturKu, sarta
pracaya marang kang ngutus Aku, iku nduweni
urip langgeng, tuwin bakal ora bakal katut
kaukum, jalaran wus ngalih saka ing pati
marang urip. 25 Satemen-temene pituturKu ing
kowe, bakal tumeka ing wektune, malah wus
tumeka ing wektune, wong mati padha krungu
swarane Putraning Allah. Sarta kang padha
ngrungokake iku bakal urip. 26 Sabab padha
kaya Sang Rama anggone kagungan gesang
ing sarirane piyambak, mangkono uga Sang
Putra iya wus kaparengake kagungan gesang
piyambak. 27 Sarta maneh wus kaparingan
panguwasa ngasta pangadilan, amarga
Panjenengane iku Putraning Manungsa.
28 Kowe aja padha gumun marang prakara

iku mau. Sabab bakal tumeka ing wektune:
Sakehe wong kang ana ing kubur padha
krungu swarane, 29 banjur metu, kang
kalakuane becik tangi lan urip ing salawase,
kang kalakuane ala tangi lan banjur kaukum.
30 Aku ora bisa nindakake apa-apa saka
awakKu dhewe, anggonKu ngadili iku laras
karo apa kang Dakrungu, sarta putusanKu
adil. Amarga ora nuruti karepKu dhewe,
nanging manut karsane kang ngutus Aku.
31 Manawa Aku nekseni mungguh ing awakKu
dhewe, paseksenKu mau ora bener. 32 Ana
liyane kang nekseni mungguh ing Aku, lan
Aku weruh yen paseksen kang dilairake
mungguh ing Aku iku bener. 33 Kowe wus
padha kongkonan marang Nabi Yokanan,
lan iku wus nekseni ing bab kayekten.
34 Nanging Aku iki ora mbutuhake paseksen
saka manungsa. AnggonKu tutur mangkono
iku supaya kowe padha kapitulungan rahayu.
35 Nabi Yokanan iku minangka damar kang
murub lan kang madhangi, nanging kowe
iku mung sawatara mangsa bae anggonmu
gelem nikmati padhange. 36 Nanging Aku iki
nduweni paseksen kang ngungkuli paseksene
Nabi Yokanan, iya iku sakabehing ayahan
kang kaparingake Sang Rama marang Aku,
supaya Daktindakake. Ayahan mau iya kang
Daktindakake saiki, kang adi paseksene
anggonKu kautus dening Sang Rama.
37 Karodene Sang rama kang ngutus Aku iku
wus nekseni piyambak ing ngatase Aku. Kowe
ora tau krungu swatane utawa nyumurupi

citrane, 38 apadene pangandikane ora tetep
dumunung ing kowe, awit kowe padha ora
ngandel marang kang diutus. 39 Kowe padha
niti priksa Kitab-kitab Suci, awit pandugamu
marga saka Panjenengane kowe nduweni urip
langgeng. Nanging sanadyan Kitab-kitab Suci
iku nekseni ing bab Aku, 40 suprandene kowe
padha lumuh marani Aku supaya nduwenana
urip iku.
41 Aku ora kepengin diurmati dening
manungsa. 42 Nanging tumrap kowe, Aku
wus weruh, manawa padha ora kadunungan
katresnan sajroning atimu marang Gusti
Allah. 43 TekaKu iki atas asmane RamaKu,
nanging ora koktampani. Manawa ana wong
liya kang teka atas jenenge dhewe iku bakal
koktampani. 44 Kowe iku anggonmu pada bisa
pracaya kapriye, dene padha purih-pinurih
ing kaurmatan, mangka kaurmatan kang
saka Gusti Allah Kang Maha-Tunggal iku ora
kokgayuh. 45 Kowe aja padha duwe pangira
yen Aku kang bakal nggugat kowe ana ing
ngarsane Sang Rama, kang nggugat kowe iya
iku Nabi Musa, yaiku Nabi Musa dununging
pangarep-arepmu. 46 Sabab saupama kowe
padha pracaya marang Nabi Musa, mesthi
iya pracaya marang Aku, amarga Aku wus
diwecakake ana ing tulisane. 47 Nanging
manawa kowe padha ora ngandel marang
tulisane Nabi Musa, kapriye anggonmu bakal
padha pracaya marang kang Dakkandhakake?”

Gusti Yesus maringi mangan wong limang ewu

6:1-15

Mt 14:13-21 Mk 6:32-44 Lk 9:10-17

6 [1] Sawuse mangkono Gusti Yesus tindak
menyang ing sabrange sagara Galilea,
yaiku sagara Tiberias. [2] Wong akeh padha
grudugan ndherekake Panjenengane, amarga
padha ndeleng mukjijat kang wus katindakake
dening Gusti Yesus tumrap wong-wong kang
padha lara. [3] Gusti Yesus tumuli minggah
ing gunung, banjur lenggah ana ing kono,
kaadhep dening para sakabate. [4] Nalika
samana wus ngarepake Paskah, riyayane
wong Yahudi. [5] Bareng Gusti Yesus mirsa
wong akeh padha grudugan sowan, banjur
ngandika marang Filipus: "Ing ngendi anggon
kita arep tuku roti, supaya wong-wong iki
bisa mangan?" [6] Anggone ngandika mangkono
iku mung kagawe nyoba, awit wus mirsa
piyambak apa kang bakal katindakake.
[7] Unjuke Filipus: "Roti pangaos kalih atus dinar
boten badhe nyekapi kangge tiyang samanten
kathahipun punika, sanadyan namung sami
kabagean nyakedhik." [8] Sawijining sakabat
iya iku Andreas sadulure Simon Petrus tumuli
munjuk: [9] "Punika wonten lare ingkang mbekta
roti sair gangsal kaliyan ulam loh kalih,
nanging punika nggawer sapinten kangge
tiyang samanten kathahipun punika?" [10] Gusti
Yesus ngandika: "Wong-wong iku konen padha

linggih!” Anadene ing kono akeh sukete,
wong-wong mau banjur padha linggih, kang
lanang cacahe watara limang ewu. 11 Gusti
Yesus tumuli mundhut roti mau, lan sawuse
saos sokur, banjur diedum-edum marang
kang padha linggih ing kono, mangkono uga
iwake, sakarepe olehe arep padha mangan.
12 Sawuse padha wareg, Gusti Yesus tumuli
dhawuh marang para sakabate: “Cuwilan
turahane padha klumpukna, supaya aja ana
kang kececeran!” 13 Banjur iya diklumpukake
oleh rolas wakul kebak isi cuwilan roti sair lima
mau, yaiku sisane kang wus padha dipangan
dening wong-wong mau. 14 Bareng wong-wong
mau ndeleng kaelokan kang ditindakake
dening Gusti Yesus iku, tumuli padha ngucap:
“Panjenengane iku nyata Kangjeng Nabi kang
bakal rawuh ing jagad.”

15 Sarehne Gusti Yesus pirsa, yen sedyane
wong-wong iku padha teka arep mboyong
Panjenengane kalawan peksan, arep
kajumenengake ratu, Panjenengane banjur
sumingkir minggah ing gunung maneh
piyambakan.

Gusti Yesus tindak napak ing banyu

6:16-21

Mt 14:22-33 Mk 6:45-52

16 Bareng wayah sore para sakabate padha
mudhun menyang ing sagara, banjur padha
nunggang prau 17 arep nyabrang menyang
ing Kapernaum. Bareng wus wengi, Gusti

Yesus kok meksa durung rawuh, 18 mangka
ombaking sagara ngedab-edabi, amarga
katempuh ing angin gedhe. 19 Bareng olehe
padha ndhayung para sakabat mau wus oleh
watara loro utawa telung mil, weruh Gusti
Yesus tindak napak ing banyu nyelaki praune,
temahan padha wedi. 20 Nanging tumuli
dipangandikani: “Iki Aku, aja padha wedi!”
21 Para sakabat banjur ngaturi Panjenengane
minggah ing prau, lan sanalika iku uga praune
tekan ing dharatan kang kasedya.

Wong akeh padha nggoleki Gusti Yesus

6:22-59

22 Esuke wong akeh kang isih ana ing
sabranging sagara, padha sumurup yen ing
kono ora ana prau maneh kajaba mung siji
mau, mangka Gusti Yesus ora nitih bareng
karo sakabate, mung para sakabat dhewe
kang mancal. 23 Nanging tumuli ana prau
liyane sawatara teka saka ing Tiberias ana ing
sacedhake panggonan mangan roti sawuse
Gusti caos sokur mau. 24 Bareng padha weruh
yen Gusti Yesus ora ana ing kono dalah para
sakabate, banjur iya padha nunggang prau,
nusul menyang ing Kapernaum, nggoleki Gusti
Yesus. 25 Bareng wong-wong mau meruhi
Panjenengane ana ing sabrange sagara, tumuli
padha munjuk: “Rabbi, kala punapa anggen
Paduka rawuh ing ngriki?” 26 Gusti Yesus
mangsuli pangandikane: “Satemen-temene
pituturKu ing kowe, kowe padha nggoleki Aku

iku ora awit kowe padha weruh pratandha,
nanging marga wus padha mangan roti nganti
wareg. [27] Padha tumindaka ing gawe, aja
supaya oleh pangan kang kena ing rusak,
nanging supaya kang kena ing rusak, nanging
supaya oleh pangan kang bisa tahan tumeka
ing urip langgeng, kang bakal diparingake
marang kowe dening Putraning Manungsa,
awit iya Panjenengane iku kang wus disahake
kalawan dicap dening Sang Rama Allah."
[28] Wong-wong mau banjur padha munjuk:
"Kawula kedah sami nglampahi punapa
supados nindakaken padamelan ingkang
kakarsakaken dening Allah?" [29] Dhawuh
wangsulane Gusti Yesus marang wong-wong
mau: "Iki pagawean kang dikarsakake dening
Gusti Allah, yaiku supaya kowe padha pracaya
marang kang kautus dening Allah."

[30] Unjuke wong-wong mau: "Pratandha
punapa ingkang Paduka tindakaken, supados
kawula saged sami ningali sarta lajeng pitados
dhateng Paduka? Paduka nglampahi pandamel
punapa? [31] Para leluhur kawula sami nedha
mana wonten ing ara-ara-samun, kados
ingkang sampun kaseratan: Padha diparingi
roti saka ing swarga."

[32] Pangandikane Gusti Yesus: "Satemen-
temene pituturKu marang kowe: Dudu Nabi
Musa kang maringi roti marang kowe saka
swarga iku, nanging RamaKu kang maringi
roti sajati kang saka swarga marang kowe
kabeh. [33] Awitdene roti kang saka Gusti Allah
yaiku kang tumurun saka ing swarga sarta

kang nguripi jagad.” 34 Unjuke wong-wong
mau: “Gusti, kawula mugi Paduka paringi roti
punika ing salaminipun!” 35 Pangandikane
Gusti Yesus: “Aku iki roti panguripan; sing
sapa marani Aku, iku ora bakal luwe maneh,
sarta sing sapa pracaya marang Aku, iku ora
bakal ngelak maneh. 36 Nanging kowe wus
padha Daktuturi: Sanadyan kowe wus padha
ndeleng marang Aku, ewadene padha ora
pracaya. 37 Kabeh kang diparingake marang
Aku dening Sang Rama, iku bakal padha
marani Aku. Sarta sapa kang marani Aku
ora bakal Daktampik. 38 Sabab anggonKu
tumurun saka ing swarga iku ora supaya
nglakoni karepKu dhewe, nanging karsane
kang ngutus Aku. 39 Dene karsane Sang Rama
kang ngutus Aku iku mangkene: Kabeh kang
wus kaparingake marang Aku iku aja nganti
ana kang ilang, nanging supaya Daktangekna
besuk ing wekasaning jaman. 40 Sabab karsane
RamaKu iku, yaiku supaya saben wong kang
ndeleng lan pracaya marang Sang Putra, iku
nduwenana urip langgeng, sarta supaya Aku
nangekna besuk ing wekasaning jaman.”
41 Wong-wong Yahudi banjur pating kedumel
ing bab Panjenengane, awit ana pangandikane
mangkene: “Aku iki roti kang tumurun saka ing
swarga.” 42 Padha grenengan mangkene: “Apa
iku dudu Yesus anake Yusuf? Aku rak padha
wanuh karo bapa-biyunge? Kang iku kapriye
kok duwe pangucap: Aku tumurun saka ing
swarga?” 43 Gusti Yesus banjur mangsuli
pangandikane: “Aja padha pating kedumel.

44 Ora ana wong kang bisa marani Aku,
kajaba manawa digendeng dening Sang Rama
kang ngutus Aku, amarga Aku kang bakal
nangekake besuk ing wekasaning jaman.
45 Ing kitabe para nabi ana tulisan mangkene:
“Wong kabeh bakal kawulang dening Allah.”
Mulane sok wonga kang wus ngrungokake
sarta nampani piwulang saka Sang Rama,
iku marani Aku.
46 Kang mangkono iku ora
ateges ana wong kang wus weruh marang
Sang Rama. Mung kang pinangkane saka
ing Allah iku kang wus ndeleng Sang Rama.
47 Satemen-temene pituturKu marang kowe:
Sing sapa pracaya, iku nduweni urip langgeng.
48 Aku iki roti panguripan.
49 Leluhurmu
padha mangan mana ana ing ara-ara-samun,
nanging wis padha mati.
50 Iki roti kang
tumurun saka ing swarga: Sing sapa mangan
iku, ora bakal mati.
51 Aku iki roti kang
urip, kang wus tumurun saka ing swarga.
Manawa wong mangan roti iki, bakal urip
ing salawas-lawase. Anadene roti bakal
pawewehKu yaiku dagingKu, kang bakal
Dakwenehake kanggo uripe jagad.”
52 Wong-wong Yahudi tumuli padha
bebantahan, pangucape: “Wong iku kapriye
bisane menehake daginge supaya padha
dakpangan?”
53 Gusti Yesus ngandika marang
wong-wong mau: “Satemen-temene pituturKu
marang kowe. Manawa kowe ora mangan
daginge Putrane Manungsa lan ora ngombe
getihe mesthi ora padha kadunungan urip.
54 Sapa wong kang mangan dagingKu lan

ngombe getihKu, iku nduweni urip langgeng,
sarta Aku kang bakal nangekake besuk ing
dina wekasaning jaman. 55 Sabab dagingKu
iku pangan kang sajati, lan getihKu iku
omben-omben kang sajati. 56 Wong kang
mangan dagingKu lan ngombe getihKu, iku
dadi tetep ana ing Aku, lan Aku ana wong
iku. 57 Padha kaya Sang Rama kang gesang
ngutus Aku lan Aku urip dening Sang Rama,
mangkono uga sing sapa mangan Aku iku iya
bakal urip dening Aku. 58 Iki roti kang wus
tumurun saka ing swarga. Dudu roti kaya kang
dipangan dening para leluhurmu, lan banjur
wus padha mati. Sing sapa mangan roti iki
bakal urip ing salawas-lawase."

59 Anggone mangandikakake iku mau nalika
Gusti Yesus mulang ana ing papan pangibadah
ing Kapernaum.

Para siswa ing Galilea kang pada mundur

6:60-66

60 Para siswa bareng krungu kang mangkono
mau akeh kang padha ngucap mangkene:
"Tetembungan iki keras temenan, kang
betah ngrungokake bae sapa?" 61 Gusti
Yesus mirsa sajroning panggalih manawa
siswane padha ngedumel ing bab iku mau,
banjur mangandikani: "Apa kowe padha
kacenthok ing pituturKu iku mau? 62 Kang
iku kapriye saupama kowe padha weruh
Putrane Manungsa sumengka menyang
padunungane kang dhisik? 63 Roh iku kang

nguripake, daging iku ora ana paedahe.
Tembung kang Dakturturake marang kowe iku
roh lan urip. 64 Nanging ana panunggalanmu
kang ora pracaya.” Pancen Gusti Yesus ora
kekilapan wiwit-wiwitan mula, sapa wonge
kang padha ora pracaya, lan kang bakal
masrahake Panjenengane. 65 Panjenengane
banjur ngandika: “Mulane kowe wus padha
Dakwarah mangkene: Ora ana wong kang bisa
marani Aku kajaba manawa wus kaparingan
wewenang saka Sang Rama.” 66 Wiwit nalika
iku para siswane akeh kang padha mundur,
wus ora ndherekake tindake maneh.

Pangakune Petrus

6:67-71

67 Kang iku Gusti Yesus ngandika marang
sakabat rolas: “Apa kowe ora padha arep
lunga uga?” 68 Atur wangsulane Simon
Petrus: “Gusti, ingkang kawula purugi sinten?
Pangandika Paduka punika pangandikaning
gesang langgeng. 69 Saha kawula sampun sami
pitados tuwin sumerep, bilih Paduka punika
Sang Suci kagunganing Allah.” 70 Pangandikane
Gusti Yesus: “Rak Aku dhewe kang milih
kowe wong rolas iki, nanging salah siji ing
panunggalanmu iku Iblis.” 71 Anadene kang
dipangandikakake mangkono iku Yudas anake
Simon Iskariot, marga iku panunggalane
sakabat rolas, kang bakal ngulungake Gusti
Yesus.

Gusti Yesus tindak menyang Yerusalem ngrawuhi riyaya Tancebing Tarub

7:1-13

7 [1] Sawuse mangkono Gusti Yesus lelana
ngideri ing tanah Galilea. Mulane ora
karsa terus ana ing tanah Yudea, awit wong
Yahudi padha ngarah sedane. [2] Nalika iku
ngarepake riyayane wong Yahudi kang
aran riyaya Tancebing Tarub. [3] Kang iku
sadherek Gusti Yesus padha matur marang
Panjenengane: “Suwawi Panjenengan bidhal
dhateng ing tanah Yudea, supados para murid
Panjenengan inggih sami sageda ningali
pandamel ingkang Panjenengan tindakaken.
[4] Sabab sadaya tiyang ingkang ngangkah
dados kawigatosanipun tiyang kathah
punika rak boten wonten ingkang tumindak
kanthi sesidheman. Manawi Panjenengan
nglampahi pandamel makaten punika, suwawi
Panjenengan ngedheng dhateng jagad.”
[5] Sabab dalah para sadhereke iya padha
ora pracaya marang Panjenengane. [6] Gusti
Yesus tumuli ngandika marang sadherek
mau: “Durung tumeka ing wektuKu, nanging
tumrape kowe kabeh tansah ana wektune.
[7] Jagad iku ora bisa sengit marang kowe,
nanging Aku disengiti, amarga Aku nekseni
yen panggawene jagad iku ala. [8] Kowe padha
mangkata nekani riyaya iku, Aku durung
mangkat mrana, awit durung tumeka ing
wektuKu.” [9] Gusti Yesus sawuse ngandika

mangkono banjur kantun ana ing tanah
Galilea.
[10] Nanging bareng para sadhereke wus
mangkat nekani riyaya mau, Panjenengane
iya tindak, nanging ora ngeblak, dadi kanthi
sesidheman. [11] Nalika riyaya, wong-wong
Yahudi padha nggoleki Panjenengane
calathune: "Wonge ana ing ngendi?" [12] Sarta
ing antarane wong akeh mau keprungu
rerasanan bab Panjenengane; ana kang
ngucap mangkene: "Iku wong becik." Liyane
maneh: "Ora, iku nasarake wong akeh."
[13] Ewadene ora ana wong siji-sijia kang wani
rembugan ngeblak bab Panjenengane, awit
wedi marang wong Yahudi.

Paseksene Gusti Yesus tumrap sarirane

7:14-24

[14] Bareng wus nengah-nengahi riyaya, Gusti
Yesus lumebet ing Padaleman Suci sarta
memulang. [15] Wong Yahudi padha kaeraman,
pangucape: "Wong iku olehe kawruh kang
kaya mangkono iku saka ing ngendi, dene
ora nganggo sinau!" [16] Gusti Yesus mangsuli:
"Piwulang iki dudu piwulangKu dhewe,
nanging piwulange kang ngutus Aku. [17] Sok
wonga kang gelem nglakoni karsane, mesthi
bakal ngreti piwulangKu iki saka Allah,
apa saka tetembunganKu dhewe. [18] Wong
kang rembuge saka karepe dhewe iku
ngarah kaluhurane dhewe. Nanging wong
kang ngupaya kaluhurane kang ngutus, iku

kang temen, sarta ora kadunungan cidra.
19 Apa dudu Nabi Musa kang ndhawuhake
angger-anggering Toret marang kowe?
Nanging panunggalanmu ora ana siji-sijia kang
ngestokake angger-anggering Toret iku. Sabab
apadene kowe padha ngarah patiKu?” 20 Atur
wangsulane wong akeh: “Sampeyan punika
kapanjingan dhemit. Ingkang ngangkah pejah
sampeyan sinten?” 21 Paring wangsulane
Gusti Yesus marang wong-wong mau: “Mung
ana panggawe siji kang Daklakoni, mangka
kowe kabeh padha gumun. 22 Nabi Musa
ndhawuhake pranatan tetak marang kowe;
sabenere pranatan tetak iku ora saka Nabi
Musa, nanging saka para leluhur kita, lan
ing dina Sabat kowe iya padha netaki wong.
23 Manawa wong ditetaki ing dina Sabat,
supaya angger-anggere Nabi Musa aja nganti
katerak, apa kowe padha panas atimu marang
Aku, dene Aku marasake badan sakojur ing
dina Sabat? 24 Anggonmu ngukumi aja manut
apa kang katon, nanging ngukumana kanthi
adil.”

Padudon bab kawijilane Gusti Yesus

7:25-36

25 Wong Yerusalem sawatara padha ngucap:
“Apa dudu Wong iku kang diarah patine?
26 Lah kok kanthi saenake bae pangucape,
sarta wong-wong ora padha madoni apa-apa.
Apa kirane para panggedhe kita iya wus
ngreti manawa Dheweke iku Sang Kristus

temenan? 27 Nanging mungguh wong iku kita
wus ngreti pinangkane. Mangka samangsa
Sang Kristus iku rawuh, ora ana kang weruh
pinangkane.” 28 Nalika Gusti Yesus memulang
ana ing Padaleman Suci, Panjenengane
nguwuh mangkene: “Pancen kowe padha
wanuh marang Aku, lan iya padha weruh
pinangkaKu, nanging tekaKu ora saka karepKu
dhewe. Aku diutus dening Panjenengane kang
asipat sayekti, kang kowe padha ora wanuh.
29 Aku kang wanuh, amarga wijilKu saka ing
Panjenengane, lan iya iku kang ngutus Aku.”
30 Ing kono wong-wong mau padha ngarah
nyekel Gusti Yesus, ewadene ora ana kang
nganti nggepok sarirane, amarga durung
tekan ing wektune.
31 Ananging ing antarane wong akeh iku akeh
kang padha pracaya marang Panjenengane
sarta pangucape: “Manawa Sang Kristus
rawuh, apa iya bakal nindakake mukjijat
luwih akeh katimbang karo kang katindakake
dening panjenengane iki?” 32 Para wong
Farisi tumuli padha krungu yen wong akeh
padha grenengan kaya mangkono ing bab
Panjenengane, mulane para pangareping
imam lan para wong Farisi banjur padha
kongkonan para tukang jaga Padaleman Suci
dikon nyekel Panjenengane. 33 Gusti Yesus
banjur ngandika: “Mung kari sawatara mangsa
anggonKu ana ing antaramu, nuli Aku bakal
sowan marang kang ngutus Aku. 34 Kowe
bakal padha nggoleki Aku, nanging ora bakal
ketemu, sarta kowe padha ora bisa marani

padunungganKu.” [35] Wong-wong Yahudi tumuli
padha sapocapan: “Menyang ngendi ta parane
wong kuwi, dene nganti aku ora padha bisa
nemokake? Apa arep marani wong kang padha
ngumbara ana ing antarane wong Yunani,
arep memulang wong Yunani? [36] Apa tegese
tembung kang diucapake: Kowe bakal padha
nggoleki Aku nanging ora bakal ketemu,
sarta kowe ora bakal padha bisa marani
padunungganKu?”

Banyu sumbering urip

7:37-44

[37] Bareng dina wekasan yaiku nalika
gedhe-gedhening riyaya mau, Gusti Yesus
jumeneng sarta nguwuh: “Sing sapa ngelak,
iku maranana Aku lan ngombea! [38] Sing
sapa pracaya marang Aku iku kaya wiraose
kitab: Ilen-ilen banyu urip bakal padha mili
saka ing batine!” [39] Pangandikane mangkono
iku mau kang dikarsakake yaiku Roh, kang
bakal ditampa dening wong-wong kang padha
pracaya marang Panjenengane. Dene nalika
samana Roh Suci durung rawuh, amarga
Gusti Yesus durung kamulyakake. [40] Wong
akeh iku bareng krungu pangandika iku mau,
ana sawatara kang banjur ngucap: “Nyata
yen iku Kangjeng Nabi kang kita anti-anti.”
[41] Liyane calathu: “Iku Sang Kristus.” Lan
ana maneh kang ngucap: “Dudu, wijile Sang
Kristus iku ora saka ing Galilea! [42] Amarga
manut wirasane Kitab Suci wijile Sang Mesih

iku mesthi saka trahe Sang Prabu Dawud.”
43 Temahane wong golongan padha diya-diniya
bab ing ngatase Gusti Yesus. 44 Sarta ana
panunggalane sawatara kang padha arep
nyekel Panjenengane, ewadene ora ana kang
nganti wani nggepok sarirane.

Gusti Yesus kabela dening Nikodhemus

7:45-52

45 Wong jaga mau tumuli padha menyang
ing ngarsane para pangarepe imam lan para
wong Farisi, sarta dipangandikani: “Kena apa
kok ora kokgawa?” 46 Wangsulane wong-wong
iku: “Salaminipun dereng nate wonten tiyang
ingkang wicanten kados tiyang punika!”
47 Wangsulane para wong Farisi marang para
wong jaga mau: “Apa kowe iya wus padha
disasarake? 48 Para panggedhe lan para wong
Farisi apa ana kang pracaya marang wong iku?
49 Nanging wong akeh kae padha ora weruh ing
Toret, padha kena ing musibat.” 50 Nikodhemus
sawijining wong panunggalane, kang biyen
wus tau sowan Gusti Yesus, calathu:
51 “Punapa angger-angger kita ngukum tiyang,
saderengipun tiyang punika dipun priksa lan
dipun yektosi pratingkahipun?” 52 Kancane
padha mangsuli: “Panjenengan punapa inggih
tiyang Galilea? Sumangga panjenengan priksa
ing salebeting Kitab Suci; temah panjenengan
badhe uninga balih boten wonten nabi ingkang
rawuh saking tanah Galilea.”

Wong wadon kang laku bandrek

7:53--8:11

53 Wong-wong iku mau banjur padha mulih
sowang-sowangan,
8 1 nanging Gusti Yesus tindak menyang ing
gunung Zaitun.
2 Bareng wayah bangun esuk Panjenengane
rawuh maneh ing Padaleman Suci, lan
rakyat kabeh padha sowan ing ngarsane,
Panjenengane banjur lenggah mulang
wong-wong iku. 3 Para ulama lan para wong
Farisi tumuli padha ngajokake wong wadon
kang kacekel nalika laku bandrek marang
ngarsane. 4 Wong-wong iku sawuse mapanake
wong wadon mau ing tengah, banjur padha
munjuk marang Gusti Yesus: “Rabbi, tiyang
estri punika kacepeng nalika saweg lampah
bandrek. 5 Wonten ing angger-anggering
Toret Nabi Musa ndhawuhaken dhateng kita,
supados tiyang-tiyang estri ingkang makaten
punika dipun benturana ing sela. Ingkang
punika menggah pamanggih Panjenengan
kadospundi?” 6 Unjuke kang mangkono iku
mung kanggo nyoba marang Panjenengane,
supaya oleha jalaran anggone arep nggugat.
Nanging Gusti Yesus tumungkul banjur
nyerat ing lemah kalawan racikane. 7 Bareng
olehe padha takon para wong Farisi iku ora
uwis-uwis, Panjenengane tumuli jumeneng
sarta ngandika: “Sapa bae panunggalanmu
kang tanpa dosa, iku miwitana mbenturi watu

wong wadon iku.” 8 Panjenengane banjur
tumungkul maneh sarta nyerat ing lemah.
9 Ananging sawuse kang padha munjuk mau
krungu pangandika kang kaya mangkono,
tumuli padha lunga baka siji, wiwit saka
kang tuwa dhewe. Wekasan mung kari Gusti
Yesus piyambak karo wong wadon kang isih
tetep ana ing kono iku. 10 Gusti Yesus tumuli
jumeneng, sarta ngandika: “He, wong wadon,
ana ngendi wong-wong mau? Apa ora ana
kang ngukum kowe?” 11 Unjuke wong wadon
mau: “Boten wonten, Gusti.” Pangandikane
Gusti Yesus: “Aku uga ora ngukum kowe.
Lungaa, lan wiwit saiki aja gawe dosa maneh!”

Gusti Yesus iku pepadhanging jagad

8:12-20

12 Gusti Yesus paring dhawuh maneh marang
wong akeh: “Aku iki pepadhanging jagad;
sing sapa ngetut-buri Aku, ora bakal lumaku
ana ing pepeteng, nanging bakal nduweni
padhanging urip.” 13 Unjuke para wong Farisi:
“Panjenengan nekseni sarira Panjenengan
piyambak, paseksen Panjenengan boten
sah.” 14 Dhawuh wangsulane Gusti Yesus:
“Sanadyan Aku nekseni awakKu dhewe,
nanging paseksenKu iku nyata, amarga Aku
sumurup ing sangkan-paranKu. Nanging kowe
padha ora sumurup sangkan-paranKu iku.
15 Anggonmu padha njeksani iku nganggo
ukuraning manungsa, Aku ora njeksani wong
siji-sijia, 16 dene manawa Aku njeksani,

anggonKu njeksani iku sabenere, amarga
Aku ora ijen, ananging Aku bebarengan
karo Panjenengane kang ngutus Aku. 17 Lan
sajroning Toretmu katulisan, yen paseksene
wong loro iku sah. 18 Aku kang nekseni
mungguh awakKu dhewe, lan uga Sang Rama
kang ngutus Aku iya nekseni mungguh ing
Aku.” 19 Wong mau oadha munjuk: “Ingkang
Rama wonten ing pundi?” Paring wangsulane
Gusti Yesus: “Kowe padha ora wanuh marang
Aku, lan iya ora wanuh marang RamaKu.
Manawa kowe wanuh marang Aku, mesthi iya
wanuh marang RamaKu.”
20 Pangandika iku mau kadhawuhake dening
Gusti Yesus nalika Panjenengane memulang
ana ing Padaleman Suci, sacedhake pethi
bet-amal, ewadene ora ana wong siji-sijia
kang nyekel Panjenengane, amarga durung
tumeka ing wektune.

Pinangkane Gusti Yesus ora saka ing donya iki

8:21-29

21 Gusti Yesus tumuli ngandika maneh
marang wong akeh: “Aku iki bakal lunga,
lan kowe bakal padha nggoleki Aku, nanging
bakal padha mati sajroning dosamu. Ing
ngendi paranKu, kowe ora padha bisa mrana.”
22 Pangucape wong-wong Yahudi: “Apa
Dheweke iku arep ngendhat, dene kok duwe
pangucap: Ing ngendi paranKu, kowe padha
ora bisa mrana?” 23 Pangandikane Gusti Yesus:

“Kowe iku pinangkamu saka ing ngisor, Aku iki saka ing ngaluhur, kowe iku pinangkamu padha saka ing donya iki, nanging Aku ora saka ing donya iki.
[24] Mulane Aku mau tutur ing kowe, manawa kowe bakal padha mati sajroning dosamu. Amarga manawa kowe padha ora ngandel yen Aku iki Panjenengane, wus mesthi kowe bakal padha mati ing sajroning dosamu.”
[25] Ing kono pangucape wong-wong mau: “Panjenengan punika sinten?” Pangandikane Gusti Yesus: “Apa gunane rembugan maneh karo kowe kabeh?
[26] Akeh prakara kang prelu Daktuturake mungguh ing kowe lan akeh uga kang kudu Dakukumake tumrap kowe kabeh; nanging kang ngutus Aku bener, apa kang Dakrungu saka Panjenengane, yaiku kang Dakwarahake marang jagad.”
[27] Wong-wong kang kadhawuhan iku ora nggraita manawa kang kadhawuhake iku Sang Rama.
[28] Kang iku Gusti Yesus ngandika: “besuk samasa kowe wus nyengkakake Putraning Manungsa, tumuli kowe lagi bakal padha sumurup yen Aku iki Panjenengane, sarta ora nglakoni apa-apa saka karepKu dhewe, nanging apa kang Dakwarahake iku miturut kaya anggonKu wus diwulang dening RamaKu.
[29] Kang ngutus Aku iku nunggil karo Aku. Sang Rama ora nilar Aku ijen, awit Aku tansah nglakoni kang dadi keparenge.”

Keyekten marganing kamardikan

8:30-36

30 Bareng Gusti Yesus ngandika bab iku
mau kabeh, akeh wong kang padha pracaya
marang Panjenengane. 31 Gusti Yesus banjur
ngandika marang wong-wong Yahudi kang
padha pracaya, dhawuhe: “Manawa kowe
padha ngantepi ing pituturKu, kowe sanyata
padha dadi siswaKu, 32 sarta bakal padha
mangreti ing kayekten, lan kayekten iku
bakal mardikakake kowe.” 33 Wong-wong
tumuli padha mangsuli: “Kula sami tedhak-
turunipun Rama Abraham, lan dereng nate
ngawula dhateng sok tiyanga; kadospundi
kok Panjenengan ngandika: Kowe bakal
padha mardika?” 34 Gusti Yesus mangsuli
pangandikane: “Satemen-temene pituturKu
marang kowe: Sing sapa nglakoni dosa iku
dadi bature dosa. 35 Anadene mungguh batur
iku ora tetep pamanggone ana ing omah,
nanging Putra iku tetep pamanggone. 36 Kang
iku manawa Sang Putra wus mardikakake
kowe, kowe iya padha mardika temenan.”

Tedhak-turune Rama Abraham kang wijile ora saka ing Allah

8:37-47

37 “Aku wus weruh manawa kowe iku padha
tedhak-turune Rama Abraham, nanging kowe
padha ngarah mateni Aku, awit pituturKu

ora oleh papan ana ing kowe. 38 Apa kang
wus Dakdeleng ana ing RamaKu, iya iku kang
Dakucapake. Mangkono uga kowe, padha
nglakoni apa kang kokrungu saka bapakmu.”
39 Wong Yahudi padha mangsuli unjuke: “Bapa
kula inggih Rama Abraham.” Pangandikane
Gusti Yesus: “Manawa kowe padha dadi
putrane Rama Abraham kowe mesthi padha
nglakoni apa kang katindakake dening Rama
Abraham. 40 Nanging kang koktindakake
yaiku ngarah mateni Aku, wong kang wus
nglairake kayekten marang kowe, iya iku kang
wus Dakrungu saka Gusti Allah; panggawe
kang kaya mangkono iku ora katindakake
dening Rama Abraham. 41 Kowe kabeh padha
nglakoni paggawene bapakmu dhewe.”
Unjuke wong-wong mau: “Lair kula punika
boten saking bedhang, kula sami gadhah
Rama satunggal inggih punika Gusti Allah.”
42 Pangandikane Gusti Yesus: “Manawa Gusti
Allah iku Ramamu, kowe mesthi padha tresna
marang Aku, awit wijilKu lan tekaKu iku saka
ing Allah. Apa maneh tekaKu iku iya ora saka
karepKu dhewe, nanging Panjenengane kang
ngutus Aku. 43 Sabab apa kowe padha ora
mangreti tembungKu? Iku awit kowe padha
ora bisa nyandhak pituturKu. 44 Bapakmu
iku Iblis, lan kowe padha seneng nglakoni
kasenengane bapakmu iku. Dheweke dadi
tukang mateni wong wiwit wiwitan mula, sarta
ora ngandhemi ing kayekten, awit kayekten iku
ora dumunung ing dheweke. Samasa dheweke
ngucapake goroh, pangucape iku saka wateke

dhewe, amarga dheweke iku tukang goroh
lan bapakne sakabehing goroh. 45 Nanging
sarehne Aku iki mituturake kayekten, mulane
ora kokandel. 46 Sapa panunggalanmu kang
mbuktekakake manawa Aku tumindak dosa?
Manawa Aku mituturake kayekten, sabab apa
kowe padha ora pracaya marang Aku? 47 Wong
kang wijile saka Allah iku mesthi ngrungokake
pangandikaning Allah. Mulane kowe ora padha
ngrungokake, awit asalmu iku ora saka ing
Allah."

Gusti Yesus wus ana sadurunge Rama Abraham dumadi

8:48-59

48 Wong Yahudi padha mangsuli: "Rak ya
bener, ta, kandhaku yen kowe iku wong
Samaria kang kapanjingan dhemit?" 49 Paring
wangsulane Gusti Yesus: "Aku ora kapanjingan
dhemit, nanging Aku ngluhurake RamaKu
sarta kowe ora padha ngajeni Aku. 50 Nanging
Aku ora ngudi marang kaluhuranKu: Ana
siji kang ngupaya lan Panjenengane iku uga
kang ngadili. 51 Satemene pituturKu marang
kowe: Sapa kang netepi ing pituturKu iku
bakal ora ngalami pati ing salawas-lawase."
52 Pangucape wong-wong Yahudi: "Saiki aku
padha weruh yen Kowe iku kranjingan dhemit.
Rama Abraham seda para nabi mangkono
uga, mangka Kowe iku kok duwe pangucap:
Sapa wong kang netepi ing pituturKu, bakal
ora ngalami pati ing salawas-lawase. 53 Kowe

apa ngungkuli leluhurku Rama Abraham
kang wus seda! Para nabi iya padha seda.
Kowe iku ngaku-aku sapa ta?” 54 Gusti Yesus
mangsuli: “Manawa Aku ngluhurake awakKu
dhewe, kaluhuranKu iku ora ana gunane
sathithik-thithika. Kang ngluhurake Aku iku
RamaKu, iya iku kang koksebut Allahmu.
55 Mangka kowe padha ora wanuh marang
Panjenengane, nanging Aku kang wanuh.
Saupama Aku munia yen ora wanuh, Aku dadi
wong goroh padha kaya kowe. Nanging Aku
wanuh marang Panjenengane, sarta netepi ing
pangandikane. 56 Rama Abraham leluhurmu
rena panggalihe dene bakal nguningani
ing dinaKu, lan iya wus nguningani sarta
ndadekake bingahe.” 57 Pangucape wong
Yahudi sabanjure: “UmurMu durung nganti
seket taun, kapriye anggonMu wus weruh
Rama Abraham?” 58 Paring wangsulane Gusti
Yesus: “Satemen-temene pituturKu marang
kowe: Sadurunge Rama Abraham dumadi, Aku
wus ana.” 59 Ing kono wong-wong banjur padha
njupuki watu, arep mbenturi Panjenengane;
nanging Panjenengane ngoncati, sarta nilar
Padaleman Suci.

Wong wuta wiwit lair mula

9:1-41

9 1 Nalika Gusti Yesus langkung, mirsa wong
kang wuta wiwit lair mula. 2 Para sakabate
banjur munjuk pitakon marang Panjenengane:
“Rabbi, sinten ingkang damel dosa, tiyang

punika piyambak punapa tiyang sepuhipun,
dene ngantos lairipun wuta makaten?” 3 Paring
wangsulane Gusti Yesus: “Dudu wong iki, lan
iya dudu wong tuwane, nanging iku supaya
pakaryan-pakaryane Gusti Allah kalairna ana
ing wong iku. 4 Aku kudu padha nglakoni
ayahane Panjenengane kang ngutus Aku
mumpung isih awan. Wayah bengi bakal teka,
wayahe wong ora bisa nglakoni pagawean.
5 Sasuwene Aku ana ing donya, Aku dadi
pepadhanging jagad.” 6 Sawuse ngandika
mangkono, tumuli kecoh ing lemah. Kecoh
mau digawe luluhan lemah banjur dileletake
ing mripate wong kang wuta mau. 7 Banjur
dipangandikani: “Lungaa, adusa menyang ing
blumbang padusan ing Siloam.” Siloam tegese
“Kang diutus”. Wonge tumuli mangkat lan
adus; baline wus bisa ndeleng.

8 Tangga-tanggane lan wong-wong kang
maune weruh anggone papriman banjur padha
ngucap: “Apa wong iku dudu kang adate
papriman?” 9 Ana kang mangsuli: “Bener
iya iku wonge.” Ana maneh kang calathu:
“Dudu, mung madha rupa bae.” Wonge dhewe
banjur calathu: “Leres, inggih kula punika
tiyangipun.” 10 Tumuli ditakoni: “Kapriye
mripatmu bisane melek?” 11 Wangsulane:
“Tiyang nama Yesus damel luluhan siti, lajeng
dipun leletaken ing mripat kula; kula tumunten
dipun dhawuhi: Lungaa menyang padusan
ing Siloam, adusa! Kula lajeng mangkat, lan
sasampunipun adus tumunten saged ningali
punika.” 12 Wong-wong mau takon maneh:

“Ana ing ngendi Dheweke?” Wangsulane kang
ditakoni: “Kula boten sumerep.”
13 Wong kang maune wuta mau banjur
diirid menyang ngarsane para wong Farisi.
14 Anadene anggone Gusti Yesus damel
luluhan lemah lan ngelekakake mripate wong
wuta mau pinuju dina Sabat. 15 Para wong
Farisi tumuli iya ndangu marang wong mau,
kapriye bisane melek. Ature kang kadangu:
“Mripat kula dipun leleti luluhan siti, kula
lajeng adus, samangke kula saged ningali.”
16 Sawenehing para wong Farisi mau tumuli
ngandika: “Wong kae ora saka ing Allah,
awit ora netepi dina Sabat.” Liyane ana kang
padha ngandika: “Wong kang nandhang dosa
kapriye bisane gawe mukjijat kang kaya
mangkono iku?” Temahan padha diyadiniya.
17 Para wong Farisi banjur padha ngandika
maneh marang wong kang maune wuta iku:
“Panganggepmu marang wong iku kapriye,
rehne kowe kang dielekakake mripatmu?” Ature
kang didangu: “Panjenenganipun punika nabi.”
18 Anadene wong-wong Yahudi iku padha
ora ngandel yen dheweke maune wuta lan
lagi bae bisa ndeleng maneh, nganti padha
nimbali wong tuwane, 19 sarta didangu: “Apa
iki anakmu kang kokkandhakake yen wuta
wiwit lair mula iku? Yen mangkono kapriye
dene kok saiki bisa ndeleng?” 20 Wangsulane
wong tuwane mau: “Kula sami sumerep bilih
punika anak kula, saha wuta wiwit lair mila,
21 nanging kadospundi dene sapunika saged
ningali, kula sami boten sumerep. Utawi sinten

ingkang ngelekaken mripatipun, kula inggih
sami boten sumerep. Anak kula sampun
diwasa, panjenengan dangu piyambak,
piyambakipun saged ngaturaken prakawis
badanipun piyambak.” 22 Ature wong tuwane
kang kaya mangkono iku awit padha wedi
marang wong Yahudi, marga wong Yahudi
wus padha sarujuk, samasa ana wong kang
ngakoni Panjenengane iku Sang Kristus, bakal
disebratake. 23 Mulane wong tuwane mau
padha matur: “Anak kula sampun diwasa,
panjenengan dangu piyambak.”
24 Wong kang maune wuta iku banjur
diundang kang kaping pindhone, sarta
diaturi: “Kowe ngurmatana Allah; aku
padha sumurup manawa kae wong dosa.”
25 Wangsulane wong mau: “Tiyang punika
punapa tiyang dosa, kula boten sumerep,
namung saprakawis ingkang kula mangretosi,
inggih punika suwaunipun kula wuta, sapunika
saged ningali.” 26 Pitakone maneh: “Kowe
dikapakake? Anggone ngelekake mripatmu
kapriye patrape?” 27 Wangsulane wong mau:
“Kula sampun matur dhateng panjenengan lan
panjenengan boten midhangetaken. Punapaa
dene panjenengan badhe midhangetaken
malih? Punapa panjenengan inggih kapengin
dados muridipun?” 28 Wong mau tumuli
dipisuhi, pangucape: “Kowe iku muride,
nanging aku kabeh iki murid-muride Nabi
Musa. 29 Aku padha sumurup yen Gusti Allah
wus ndhawuhake pangandika marang Nabi
Musa. Nanging mungguh wong kae aku

padha ora weruh pinangkane." 30 Wong mau
tumuli mangsuli: "Lah, punika rak aneh,
dene panjenengan malah boten sami mirsa
pinangkanipun, mangka Panjenenganipun
sampun ngelekaken mripat kula. 31 Kula sami
sumerep, bilih Gusti Allah punika mesthi boten
nyembadani dhateng tiyang dosa, nanging
tiyang-tiyang mursid sarta ingkang nglampahi
karsanipun, punika ingkang dipun sembadani.
32 Salaminipun dereng nate kapireng bilih
wonten tiyang ingkang saged ngelekaken
mripatipun tiyang wuta lair mila. 33 Tiyang
punika manawi boten saking Allah, mesthi
boten saged nindakaken punapa-punapa."
34 Wangsulane wong-wong iku: "Kowe iku
kalairake sajrone dosa babar pisan, kok arep
mulang aku?" Temahan wong iku katundhung.

35 Gusti Yesus mireng manawa wong kang
maune wuta mau wus katundhung. BAreng
Panjenengane kepranggul wong mau banjur
dipangandikani: "Apa kowe pracaya marang
Putraning Manungsa?" 36 Unjuke: "Sinten
punika Gusti, supados kawula pitados
dhateng Panjenenganipun?" 37 Pangandikane
Gusti Yesus: "Kowe ora mung wus weruh
Panjenengane bae, nanging Panjenengane
kang lagi sapocapan karo kowe, yaiku
Panjenengane." 38 Kang kapangandikanan
munjuk: "Kawula pitados, Gusti." Dheweke
banjur sumungkem sujud marang Gusti Yesus.
39 Pangandikane Gusti Yesus: "TekaKu ing
jagad iki arep ngadili, supaya wong kang ora

ndeleng padha bisa ndeleng, lan kang ndeleng
padha dadia wuta.”
40 Pangandika iku kaprungu dening wong
Farisi sawatara kang lagi ana ing kono, wong
iku tumuli padha munjuk: “Kula punika punapa
inggih sami wuta?” 41 Pangandikane Gusti
Yesus: “Manawa kowe wutaa, mesthi padha
ora duwe dosa. Nanging sarehne saiki kowe
padha kandha: Aku padha ndeleng, dadi tetep
dosamu.”

Pangon kang utama

10:1-21

10 1 “Satemen-temene pituturKu marang
kowe: Sapa kang mlebu ing kandhang
wedhus ora metu ing lawang, nanging menek
ing tembok, iku maling utawa rampog;
2 balik kang lumebune metu ing lawang, iku
pangone wedhus. 3 Iku kang diwengani dening
kang tunggu lawang sarta wedhus-wedhuse
padha nilingake swarane lan dheweke tumuli
ngundangi wedhus-wedhuse manut jenenge
dhewe-dhewe sarta banjur digiring metu.
4 Manawa wedhuse iku wus diwetokake kabeh,
dheweke lumaku ing ngarep lan wedhuse
padha ngetut-buri, marga wedhus-wedhus
mau niteni swarane. 5 Nanging wong liya
mesthi ora ditutburi, malah ditinggal mlayu,
marga wedhus-wedhus iku ora wanuh marang
swarane wong-wong liyane.”
6 Pasemon iku dipangandikakake dening
Gusti Yesus marang wong-wong mau,

nanging padha ora ngreti tegese pangandika
iku. 7 Gusti Yesus tumuli ngandika maneh:
“Satemen-temene pituturKu marang kowe:
Iya Aku iki lawange wedhus-wedhus iku.
8 Sakehe wong kang tekane sadurunge Aku,
iku maling lan rampog, lan wedhus-wedhus iku
ora padha ngrungokake marang wong-wong
iku. 9 Aku iki lawange; sapa kang lumebune
metu ing Aku, iku bakal kapitulungan rahayu,
sarta bakal lumebu lan metu, apadene bakal
nemu pangonan. 10 Maling iku tekane mung
arep nyolong lan nyembeleh sarta nyirnakake;
Aku iki teka supaya wedhus-wedhus padha
duwea urip , kanthi kaluberan.

11 Iya Aku iki pangon kang utama. Pangon
kang utama iku ngetohake nyawane kanggo
wedhus-wedhuse, 12 nanging mungguh buruh
kang dudu pangon sarta dudu kang duwe
wedhus-wedhus iku dhewe, samasa weruh ana
asu ajag teka, wedhuse ditinggal mlayu, temah
asu ajag iku nubruki lan mbuyarake wedhuse.
13 Anggone lumayu iku jalaran mung buruh,
lan ora gumati marang wedhus-wedhuse
iku. 14 Aku iki pangon kang utama sarta
Aku niteni kang dadi wedhus-wedhusKu lan
wedhus-wedhusKu padha wanuh marang Aku
15 kayadene Sang Rama anggone tepang
marang Aku sarta Aku wanuh marang Sang
Rama, sarta Aku ngetohake nyawaKu kanggo
wedhus-wedhusKu. 16 Aku isih duwe wedhus
liyane maneh, kang ora saka ing kandhang
kene; wedhus-wedhus iku iya prelu Dakgiring
uga, lan bakal padha ngrungokake swaraKu

sarta bakal dadi pepanthan siji, pangon
siji. 17 Sang Rama ngasihi Aku, jalaran Aku
ngulungake nyawaKu supaya Daktampani
maneh. 18 Ora ana wong siji bae kang ngrebut
nyawaKu, nanging Dakulungake miturut sakarepKu dhewe. Aku kuwasa ngulungake, lan kuwasa ngukup maneh. Dhawuh iki kang Daktampa saka RamaKu."
19 Marga saka pangandika kang mangkono
iku tumuli tuwuh pasulayan maneh antarane wong-wong Yahudi. Panunggalane akeh kang
duwe pangucap mangkene: 20 "Wong iku
kapanjingan dhemit sarta owah; yagene padha
kokrungokake?" 21 Ana liyane kang calathu:
"Iku rak dudu tembunge wong kranjingan dhemit; apa dhemit bisa ngelekake mripate wong-wong wuta?"

Gusti Yesus katampik dening wong Yahudi

10:22-39

22 Ora antara lawas, ing Yerusalem pinuju riyaya Pambangune Padaleman Suci; nalika
samana mbeneri mangsa bedhidhing. 23 Gusti
Yesus tindak-tindak ana ing Padaleman
Suci, ing bangsal Suleman. 24 Ing kono
wong-wong Yahudi banjur padha ngrubung Panjenengane lan padha munjuk: "Ngantos pinten dangunipun anggen Panjenengan damel mangu-mangunipun manah kula? Manawi Panjenengan punika Sang Kristus, Panjenengan blakakaken dhateng kula
sadaya." 25 Paring wangsulane Gusti Yesus:

“Kowe wus padha Daktuturi nanging padha
ora pracaya; panggawe kang Daklakoni atas
asmane RamaKu, iku kang padha nekseni
mungguhing Aku, 26 nanging kowe padha ora
pracaya, amarga kowe dudu panunggalane
wedhus-wedhusKu. 27 Wedhus-wedhusKu
padha nilingake swaraKu, sarta Aku wanuh
marang wedhus-wedhusKu, lan wedhus-
wedhusKu padha ngetut-buri Aku, 28 apadene
padha Dakwenehi urip langgeng, lan dheweke
mesthi ora bakal padha nemu karusakan
salawas-lawase lan ora bakal ana wong
kang ngrebut wedhus-wedhus iku saka
ing tanganKu. 29 RamaKu kang maringake
wedhus-wedhus iki marang tanganKu, iku
kaluhurane ngungkuli samubarang kabeh, lan
ora ana kang bisa ngrebut wedhus-wedhus
mau saka ing astane RamaKu. 30 Aku lan Sang
Rama iku siji.”’

31 Wong Yahudi tumuli njupuki watu maneh,
arep kanggo mbenturi Panjenengane.
32 Pangandikane Gusti Yesus: “Wus akeh
panggawe utama kang saka RamaKu kang
Daktuduhake marang kowe. Panggawe iku
mau endi kang dadi jalarane kowe arep padha
mbenturi watu marang Aku?” 33 Wangsulane
wong-wong Yahudi: “Anggonku arep mbenturi
Kowe iku ora marga panggawe kang utama,
nanging marga anggonMu nyenyamah
marang Gusti Allah, iya iku amarga Kowe
iku manungsa kok madhakake awakMu
karo Gusti Allah.” 34 Gusti Yesus mangsuli:
“Ing Toretmu apa ora katulisan mangkene:

Ingsun wus ngandika: Sira kabeh iku allah.
35 Manawa wong kang padha kadhawuhan
pangandikaning Allah iku diarani allah --
mangka Kitab Suci iku ora kena dibatalake --
36 kapriye dene wong sesengkeraning Allah
kang diutus marani jagad, kok kokcalathoni:
Kowe nyenyamah Gusti Allah. Apa marga ana
tuturKu: Aku iki Putraning Allah? 37 Saupama
Aku ora nglakoni pakaryaning RamaKu, aja
pracaya marang Aku. 38 Nanging manawa Aku
nglakoni iku mau, mangka kowe padha ora
gelem pracaya marang Aku, padha pracayaa
marang pakaryan-pakaryan iku supaya kowe
padha sumurup lan pracaya yen Sang Rama
ana ing Aku lan Aku ana ing Sang Rama."
39 Wong Yahudi tumuli ngarah arep nyekel
Gusti Yesus maneh, nanging Panjenengane
ngoncati.

Gusti Yesus tindak menyang sabrange bengawan Yarden

10:40-42

40 Gusti Yesus tumuli tindak menyang ing
sabrange bengawan Yarden maneh, ing
panggonane Nabi Yokanan miwiti mbaptisi,
banjur lereb ana ing kono. 41 Lan akeh wong
kang sowan marang ing ngarsane sarta
padha rasanan: "Sanadyan Nabi Yokanan ora
damel pratandha apa-apa, nanging kabeh
kang dipangandikakake dening Nabi Yokanan
tumrap wong iku, iku nyata." 42 Lan sabanjure

akeh wong ing kono kang padha manjing
pracaya marang Panjenengane.

Lazarus katangekake

11:1-44

11 1 Nuli ana sawijining wong kang lagi
lara, jenenge Lazarus, omahe ing
Betania, ing desane Maryam lan Marta
sadulure wadon. 2 Dene Maryam iya iku wong
wadon kang wus tau njebadi sampeyane
Gusti kalawan lenga wangi, sarta banjur
diusapi nganggo rambute. 3 Anadene Lazarus
kang lagi lara iku sadulure. Wong wadon
loro iku banjur padha kongkonan munjuk
marang Gusti Yesus, mangkene: “Gusti,
tiyang ingkang Paduka tresnani punika sakit.”
4 Gusti Yesus bareng miyarsa kabar iku banjur
ngandika: “Larane iku ora ndadekake patine,
nanging bakal mbabarake kaluhuraning
Allah, awit marga saka larane iku Putraning
Allah bakal kaluhurake.” 5 Anadene Marta lan
mbakyune tuwin Lazarus iku, pancen padha
ditresnani dening Gusti Yesus. 6 Nanging
sawuse miyarsa yen Lazarus lara, Gusti Yesus
nemaha kendel rong dina maneh ana ing
palerebane. 7 Ewadene sawuse mangkono
banjur ngandika marang para sakabate:
“Payo padha bali menyang tanah Yudea
maneh.” 8 Unjuke para sakabat: “Rabbi, saweg
kemawon tiyang Yahudi sami nyobi mbenturi
sela Paduka, punapa Paduka taksih karsa
tindak mrika malih?” 9 Paring wangsulane

Gusti Yesus: “Sadina iku apa ora rolas jam?
Sapa kang lumaku ing wayah awan, mesthi
ora kesandhung, marga ndeleng padhange
jagad iki. 10 Nanging manawa wong lumaku
ing wayah bengi, mesthi kesandhung, amarga
ora kadunungan padhang.” 11 Mangkono
pangandikane, tumuli disambeti maneh:
“Lazarus sadulur kita lagi turu, anggonKu
mrana prelu arep nggugah anggone turu.”
12 Para sakabate banjur munjuk: “Gusti
manawi piyambakipun tilem, badhe saras.”
13 Nanging karsane Gusti Yesus turu kang
ateges mati. Dene panyanane para sakabat
kang kapangandikakake turu iku turu
temenan. 14 Marga saka iku Gusti Yesus
tumuli ngandika sabarese: “Lazarus wus
mati. 15 Nanging sokur dene nalika iku Aku
ora ana ing kana, kang mangkono iku luwih
becik tumrap kowe, supaya kowe padha
bisa sinau pracaya. Payo, saiki kita padha
marani dheweke.” 16 Banjur Tomas, kang karan
Dhidhimus, kandha marang kanca-kancane
para sakabat: “Payo, kita padha bela pati
Panjenengane.”
17 Sarawuhe Gusti Yesus, Lazarus tinemu
wus dikubur patang dina. 18 Desa Betania iku
dunung cedhak karo kutha Yerusalem, dohe
watara rong mil. 19 Anadene wong Yahudi wus
akeh kang padha teka ing omahe Marta lan
Maryam prelu nglipur anggone kesripahan
sadulure. 20 Nalika Marta krungu yen Gusti
Yesus rawuh, tumuli methuk, nanging Maryam
kari ana ing omah. 21 Marta banjur munjuk

marang Gusti Yesus: "Gusti, manawi Paduka
wonten ing ngriki, sadherek kawula mesthi
boten pejah. 22 Nanging sapunika ugi, kawula
mangretos, bilih punapa ingkang Paduka
suwun dhateng Gusti Allah, Gusti Allah mesthi
badhe nyembadani." 23 Pangandikane Gusti
Yesus: "Sadulurmu bakal tangi maneh."
24 Unjuke Marta: "Kawula inggih mangretos
bilih badhe tangi benjing ing dinten patangen,
ing wekasaning jaman." 25 Gusti Yesus tumuli
ngandika: "Iya Aku iki patangen lan kauripan.
Sing sapa pracaya marang Aku bakal urip,
sanadyan wus mati. 26 Lan sok wonga kang
urip sarta pracaya marang Aku, iku ora
bakal mati ing salawas-lawase. Kowe apa
pracaya marang iku?" 27 Unjuke Marta:
"Inggih Gusti, kawula sampun pitados bilih
Paduka punika Sang Kristus, Putraning Allah,
ingkang pinasthi rawuh ing jagad." 28 Sawuse
munjuk mangkono, Marta banjur mundur
ngundang Maryam sadulure, lan mbisiki
mangkene: "Guru wus rawuh, nimbali kowe."
29 Maryam bareng krungu banjur mak nyat
ngadeg marani Gusti Yesus. 30 Nalika iku
Gusti Yesus durung lumebet ing desa, isih
ana ing papan nalika Marta methuk mau.
31 Bareng wong-wong Yahudi kang padha ana
ing omah karo Maryam prelu nglipur weruh
Maryam mak nyat ngadeg sarta metu, tumuli
padha ngetutake, dikira yen Maryam arep
menyang kuburan, nanging ana ing kono.
32 Satekane Maryam ing panggonane Gusti
Yesus, bareng weruh marang Panjenengane,

banjur nyungkemi sampeyane sarta munjuk:
“Gusti, upami Paduka wonten ing ngriki,
sadherek kawula mesthi boten saestu pejah.”
33 Bareng Gusti Yesus pirsa Maryam nangis,
mangkono uga wong Yahudi kang padha
ngetutake, temah rengu ing panggalih.
Panjenengane trenyuh banget lan tumuli
ngandika: 34 “Anggonmu ngubur ana ing
ngendi?” Kang kadangu banjur munjuk:
“Sumangga Gusti, kawula aturi mirsani!”
35 Gusti Yesus muwun. 36 Calathune wong-
wong Yahudi: “Delengen, samono anggone
ngasihi!” 37 Nanging ana saweneh kang muni:
“Panjenengane kang wis ngelekake mripate
wong wuta, apa iya ora bisa murungake
patine wong iki?” 38 Gusti Yesus tumuli
rengu maneh sajroning panggalih, banjur
nyelaki kuburan, kang adhapur guwa ditutupi
watu. 39 Pangandikane Gusti Yesus: “Watune
singkirna!” Marta, sadulure kang ngajal mau,
munjuk: “Gusti, sampun mambet, amargi
anggenipun pejah sampun sakawan dinten.”
40 Pangandikane Gusti Yesus: “Apa Aku
ora wus tutur marang kowe: Angger kowe
pracaya mesthi bakal weruh kamulyaning
Allah?” 41 Watune tumuli disingkirake. Gusti
Yesus banjur tumenga sarta matur: “Dhuh
Rama, Kawula saos sokur dhumateng Paduka,
dene Paduka sampun nyembadani dhateng
Kawula. 42 Kawula sumerep, bilih Paduka
tansah nyembadani dhateng Kawula. Nanging
unjuk Kawula makaten punika margi tiyang
kathah samu ngrubung Kawula, supados sami

pitados bilih Paduka ingkang ngutus Kawula.”
43 Sawuse matur mangkono tumuli nguwuh
kalawan swara sora: “Lazarus, metua!”
44 Kang mati banjur metu, tangan lan sikile
isih kablebed ing ules, lan raine katutupan ing
kacu. Pangandikane Gusti Yesus: “Uculana
ulese, kareben lunga!”

Pirembugan anggone arep nyedani Gusti Yesus

11:45-57

Mt 26:1-5 Mk 14:1-2 Lk 22:1-2

45 Wong-wong Yahudi kang nglayad menyang
omahe Maryam lan meruhi pandamele Gusti
Yesus mau, akeh kang manjing pracaya
marang Panjenengane. 46 Nanging ana
saweneh kang padha nemoni para wong
Farisi, banjur martakake pandamele Gusti
Yesus mau. 47 Para pangarepe imam lan para
wong Farisi tumuli padha ngaturi marepat
pradataning agama, banjur padha rembugan
mangkene: “Punapa ingkang kedah kita
tindakaken, jalaran Tiyang punika damel
mukjijat kathah? 48 Manawi makaten punika
dipun uja, mesthi sadaya tiyang sami pitados,
dhateng Piyambakipun, sarta kita lajeng sami
kalurugan tiyang Rum sami ngrebat papan
suci kita dalah bangsa kita pisan.” 49 Nanging
sawijining panunggalane, iya iku kang asma
Kayafas, kang jumeneng imam agung ing
taun iku, banjur ngandika: “Panjenengan kok
sami boten mangretos punapa-punapa, 50 lan

boten sami nggalih bilih langkung maedahi
tumrap panjenengan, manawi wonten tiyang
satunggal pejah kangge tiyang kathah,
tinimbang tiyang sabangsa sadaya tiwas."
51 Anadene pangandika kang mangkono iku
ora tumuwuh saka panggalihe piyambak,
nanging marga jumeneng imam agung ing
taun iku, dadine medhar pameca, yen Gusti
Yesus bakal nglampahi seda kanggo bangsa
iku, 52 lan ora ngemungake kanggo bangsa
iku bae, malah uga supaya putraning Allah
kang pating slebar padha dikumpulna dadi siji.
53 Wiwit ing dina iku para warganing pradata
mau padha sarujuk bakal nyedani Gusti Yesus.
54 Marga saka iku Gusti Yesus wus ora
ngedheng maneh ana ing antarane wong-wong
Yahudi, sarta banjur tedhak saka ing kono
menyang tanah sacedhake pasamunan njujug
ing kutha kang aran Efraim, banjur lereb ana
ing kono karo para sakabate.
55 Nalika samana Paskahe wong Yahudi wus
cedhak, lan wong-wong ing kutha kono akeh
kang padha menyang ing Yerusalem, arep
padha sesuci, sadurunge Paskah iku. 56 Wong-
wong mau padha nggoleki Gusti Yesus, sarta
kalawan ngadeg ana ing Padaleman Suci,
padha sapocapan: "Pandugamu kapriye, apa
kirane Dheweke ora bakal nekani riyaya?"
57 Anadene para pangarepe imam lan para
wong Farisi wus padha ndhawuhake prentah,
manawa ana wong kang weruh panggonane,
tumuli ngaturana uninga supaya kenaa
kacepeng.

Maryam njebadi sarirane Gusti Yesus

12:1-11

Mt 26:6-13 Mk 14:3-9

12 [1] Nalika Paskah kurang nem dina,
Gusti Yesus rawuh ing Betania
panggonane Lazarus kang wus ditangekake
saka ing antarane wong mati. [2] Ana ing kono
Panjenengane kasugata dhahar lan Marta
ngladeni, dene Lazarus iku panunggalane
kang ndherek kembulan karo Gusti Yesus.
[3] Maryam banjur njupuk lenga jebad nared
tulen kang akeh ajine, bobote satengah kati,
banjur dijebadake ing sampeyane Gusti Yesus,
tumuli diusapi kalawan rambute. Ing sajroning
omah kabeh kongsi kebak gandane jebad
mau. [4] Nanging sawijining sakabate Gusti
Yesus kang aran Yudas Iskariot, kang bakal
ngulungake Panjenengane, banjur ngucap:
[5] "Yagene lenga jebad iku ora diedol telung
atus dinar, banjur didanakake marang para
wong miskin?" [6] Ujare kang mangkono iku ora
marga dheweke iku mikirake wong miskin,
nanging awit ambeke culika, dheweke kerep
nylingkuhake dhuwit kang dicekel. [7] Gusti
Yesus tumuli ngandika: "Nengna bae dheweke
tumindak mangkono, iku kacadhangake
kanggo ing dinane anggonKu kakubur. [8] Awit
wong-wong miskin iku salawase ana ing kowe,
nanging Aku iki anaKu ing kowe ora salawase."
[9] Anadene akeh wong Yahudi kang krungu
warta, manawa Gusti Yesus ana ing kono

lan padha teka ora mung marga saka Gusti
Yesus bae, ananging uga padha arep ndeleng
Lazarus, kang wus ditangekake saka ing
antarane wong mati. 10 Para pangarepe imam
tumuli padha pirembugan, sumedya mateni
Lazarus pisan, 11 sabab marga saka Lazarus
iku wong Yahudi akeh kang padha nyingkur
marang para pangarepe imam, lan pracaya
marang Gusti Yesus.

Gusti Yesus diarak rawuh ing Yerusalem

12:12-19

Mt 21:1-11 Mk 11:1-10 Lk 19:28-38

12 Esuke bareng wong akeh kang padha teka
mahargya riyaya krungu warta, manawa Gusti
Yesus isih ana ing dalan arep tindak menyang
Yerusalem, 13 wong-wong iku banjur padha
njupuki papahe wit palem, tumuli metu padha
methukake Panjenengane, kambi surak-surak:

"Hosana!
Binerkahana Panjenenganipun ingkang
rawuh atas asmanipun Pangeran,
Ratunipun Israel!"

14 Gusti Yesus banjur manggih kuldi isih
belo, tumuli dititihi, nocogi kang katulisan
mangkene:

15 "He, putri Sion, sira aja wedi,
lah, tontonen Ratunira rawuh,
nitih beloning kuldi."

16 Para sakabate Gusti Yesus ing wiwitan
ora nyandhak marang prakara iku, nanging
sawise Gusti Yesus kaluhurake, lagi padha

kelingan, yen nas iku kagem Panjenengane lan
manawa bab iku wus katindakake uga kagem
Panjenengane.
17 Anadene wong akeh kang ndherekake
Panjenengane nalika nimbali Lazarus metu
saka ing kubur lan nangekake saka ing
antarane wong mati, padha nekseni ing
bab Panjenengane. 18 Mulane Panjenengane
dipethuk dening wong akeh iku, marga padha
krungu warta, manawa Panjenengane kang
nindakake mukjijat iku. 19 Para wong Farisi
banjur padha sapocapan: "Kowe wus padha
weruh dhewe, yen kowe padha ora oleh gawe
babar pisan; tontonen, wong sajagad kabeh
padha ngetut-buri Dheweke."

Gusti Yesus mratelakake bab sedane

12:20-36

20 Ing antarane wong-wong kang nekani
riyaya arep sembahyang iku, ana wong Yunani
sawatara. 21 Wong-wong iku padha marani
Filipus, kang saka ing Betsaida tanah Galilea,
padha calathu marang dheweke: "Kisanak,
kula sami kapengin badhe sowan manggihi
Gusti Yesus." 22 Filipus tumuli lunga ngandhani
Andreas; Filipus karo Andreas tumuli padha
lunga munjuk marang Gusti Yesus. 23 Ananging
Gusti Yesus mangsuli, pangandikane: "Wus
tekan wektune Putrane Manungsa kaluhurake.
24 Satemen-temene pituturKu marang kowe:
Manawa wiji gandum ora tumiba ing lemah,
lan mati, mesthi tetep saelas bae; nanging

manawa wiji iku mati, bakal metokake woh
akeh. [25] Sapa kang nresnani nyawane, iku
bakal kelangan nyawane, nanging sapa kang
ora nresnani nyawane ana ing donya iki,
iku kang bakal ngrumati nyawane kanggo
urip kang langgeng. [26] Sapa kang ngawula
marang Aku, padha ngetut-buria Aku lan
ing ngendi padunungananKu, kawulaKu iya
bakal ana ing kono uga. Sing sapa ngawula
Aku, dheweke bakal diajeni dening Sang
Rama. [27] Saiki nyawaKu trenyuh. Lan Aku
bakal matur apa? Dhuh, Rama, Paduka mugi
ngluwari Kawula saking wekdal punika?
Ora, awit iya iku prelune anggonKu teka
ing wektu iki. [28] Dhuh Rama, Paduka mugi
ngluhuraken asma Paduka!" Tumuli ana swara
saka ing swarga: "Wus Ingsun luhurake,
lan bakal Ingsun luhurahe maneh!" [29] Wong
akeh kang padha ngadeg ana ing kono lan
krungu swara mau padha ngarani, yen iku
mau swaraning gludhug. Saweneh ana kang
ngucap: "Iku malaekat kang imbal pangandika
karo Panjenengane." Gusti Yesus tumuli
ngandika: [30] "Anane swara mau kaprungu ora
marga saka Aku, nanging marga saka kowe.
[31] Samengko ana pangadilan ing ngatase
jagad iki: Samengko uga panggedhene jagad
iki bakal kabuwang metu; [32] dene Aku, samasa
wus kasengkakake saka ing bumi, Aku bakal
nggendeng sakabehing wong supaya padha
rumaket marang Aku." [33] Pangandikane kang
mangkono iku kanggo mratelakake patrap
bakal sedane. [34] Wong akeh tumuli mangsuli:

“Pamireng kula saking angger-anggering
Toret, Sang Kristus punika badhe tetep
gesang ing salami-laminipun; kadospundi
dene Panjenengan ngandika, bilih Putraning
Manungsa pinasthi kasengkakaken? Menggah
Putranipun Manungsa punika sinten?” 35 Gusti
Yesus tumuli ngandika: “Pepadhang iku
ana ing kowe mung kari sagebyaran bae.
Sasuwene pepadhang iku ana ing kowe,
pracayaa marang dheweke, supaya kowe
aja nganti kesaput ing pepeteng, sing sapa
lumaku ana ing pepeteng, iku ora weruh
menyang ngendi parane. 36 Mumpung kowe
padha kanggonan pepadhang, padha pracayaa
marang pepadhang iku, supaya kowe padha
dadia ahlining pepadhang.”

Sawuse ngandika mangkono, Gusti Yesus tumuli tindak asingidan.

Wong kang wangkot lan kang pracayane ora dilairake

12:37-43

37 Sanadyan Gusti Yesus wus nindakake
mukjijat samono akehe ana ngarepe
wong-wong iku, ewadene padha ora pracaya
marang Panjenengane, 38 supaya kayektenana
pamedhar wangsite Nabi Yesaya, mangkene:

“Dhuh, Pangeran, sinten ingkang pitados
dhateng pawartos kawula?
Punapa dene sinten ingkang kawedharan
asta panguwaosing Pangeran?”

39 Marga saka iku mulane wong-wong padha
ora pracaya, jalaran Nabi Yesaya wus ngandika
uga mangkene:
40 "Panjenengane wus padha micakake
mripate lan mangkalake atine, supaya
aja padha nganti ndeleng sarana mripate
lan mangreti sarana atine, temah padha
mratobat sarta Sunwarasake."
41 Bab iki dipangandikakake dening Nabi
Yesaya marga wus ningali kamulyane sarta
wus mangandikakake bab Panjenengane.
42 Suprandene akeh uga para panggedhe
kang padha pracaya marang Gusti Yesus,
nanging marga saka para wong Farisi,
pracayane mau ora kanthi blak-blakan, supaya
aja nganti disebratake. 43 Awitdene padha
luwih seneng marang kaurmatan kang saka
manungsa tinimbang karo kaurmatan kang
saka ing Gusti Allah.

Pitutur kang ngadili

12:44-50

44 Nanging Gusti Yesus banjur nguwuh
pangandikane: "Sing sapa pracaya marang
Aku, iku ora pracaya marang Aku, nanging
pracaya marang Panjenengane kang ngutus
Aku. 45 Sarta sing sapa nyawang Aku, iku
nyawang Panjenengane kang ngutus Aku.
46 Aku wus teka ing jagad dadi pepadhang,
supaya sok wonga kang pracaya marang Aku,
aja tetep ana ing pepeteng. 47 Lan manawa
wong ngrungokake pituturKu, nanging ora

nindakake, Aku ora dadi hakime, awitdene
tekaKu iki ora supaya ngadili jagad, nanging
mitulungi rahayu. 48 Sing sapa nampik
Aku, lan ora nampani pituturKu, iku wus
ana kang ngadili, yaiku pitutur kang wus
Dakwedharake, iku kang bakal ngadili besuk
ing dina wekasan. 49 Awit Aku mituturi iku
ora saka Aku dhewe, nanging saka Sang
Rama kang ngutus Aku; Panjenengane iku
kang paring dhawuh marang Aku, supaya
ngandhakake apa kang kudu Daktuturake lan
kang Dakterusake. 50 Lan Aku sumurup, yen
dhawuhe iku urip kang langgeng. Dadine apa
kang Dakkandhakake iku anggonKu nglairake
kaya kang didhawuhake dening Sang Rama
marang Aku."

Gusti Yesus ngwijiki sikile para sakabat

13:1-20

13 1 Anadene sadurunge riyaya Paskah,
Gusti Yesu wus mirsa, manawa wus
tekan ing titi-mangsane anggone bakal tindak
saka ing donya iki sowan marang ing ngarsane
Sang Rama. Padha kayadene Panjenengane
anggone tansah ngasihi marang para
kagungane kang ana ing donya, mangkono
uga saiki Panjenengane anggone ngasihi iku
nganti tumeka ing wekasane. 2 Nalika Gusti
Yesus karo para sakabate padha bujana, Iblis
wus ngosikake pangrantam ana ing sajroning
atine Yudas Iskariot, anake Simon, arep
mitenah Gusti Yesus. 3 Gusti Yesus mirsa, yen

Sang Rama wus masrahake samubarang kabeh
marang Panjenengane sarta yen Panjenengane
iku pinangkane saka ing Allah, lan wangsul
marang Allah. 4 Gusti Yesus banjur jumeneng
sarta lukar pangageman lan mundhut lawon
banjur diubetake ing sarirane, 5 tumuli ngesok
banyu ing pawisuhan, sarta wiwit ngwijiki
sikile para sakabate lan kausapan kalawan
lawon kang kaubetake ing sarirane mau.
6 Sarawuhe ing panggonane Simon Petrus,
Petrus tumuli munjuk: "Gusti Paduka badhe
ngwijiki suku kawula?" 7 Paring wangsulane
Gusti Yesus: "Apa kang Daktindakake, saiki
kowe durung nyandhak tegese, nanging
besuk kowe bakal mangreti." 8 Unjuke Petrus:
"Paduka sampun ngantos ngwijiki suku kawula
ing salami-laminipun." Gusti Yesus mangsuli
pangandikane: "Manawa Aku ora ngwisuhi
kowe, kowe ora nduweni panduman ana
ing Aku." 9 Unjuke Simon Petrus: "Gusti,
sampun ngamungaken suku kawula kemawon,
nanging dalah tangan saha sirah pisan."
10 Pangandikane Gusti Yesus: "Wong kang wus
adus, ora susah adus maneh, cukup mung
wisuh sikil bae, awit badane sakojur wus resik.
Mangkono uga kowe iku wus resik, mung bae
ora kabeh." 11 Awit Gusti Yesus mirsa sapa
kang bakal ngulungake sarirane. Marga saka
iku Panjenengane ngandika: "Kowe iku ora
kabeh resik."
12 Sawuse Gusti Yesus ngwijiki sikile para
sakabat mau, banjur ngrasuk pangagemane
maneh lan wangsul lenggah sarta ngandika:

“Apa kowe padha ngreti tegese panggaweKu
marang kowe iku mau? 13 Kowe padha nyebut
Aku Guru lan Gusti, lan panyebutmu iku wus
bener, awit Aku iki pancen Guru lan Gusti.
14 Dadi manawa Aku iki kang dadi Gusti lan
Gurumu wus ngwisuhi sikilmu, dadi kowe
iya padha kuwajiban wisuh-winisuhan sikil.
15 Awit Aku wus menehi tuladha marang
kowe, supaya kowe kabeh uga nindakake
kaya kang wus Daktindakake marang kowe.
16 Satemen-temene pituturKu marang kowe:
Sawijining abdi iku ora ngungkuli bendarane,
utawa sawijining utusan iya ora ngungkuli
kang ngutus. 17 Manawa kowe padha sumurup
prakara iki kabeh, rahayu kowe, manawa kowe
kabeh padha nglakoni.

18 PituturKu iki ora tumrap kowe kabeh:
Aku weruh, sapa kang wus Dakpiji. Nanging
kudu kayektenan tulisan kang mangkene
surasane: Tiyang ingkang tumut nendha
roti Kawula, punika sampun ngagagaken
sukunipun dhateng Kawula. 19 Samengko kowe
padha Daktuturi sadurunge bab iku kalakon,
supaya manawa bab iku kalakon, kowe padha
pracaya, yen iya Aku iki Panjenengane.
20 Satemen-temene pituturKu marang kowe:
Sing sapa nampani wong kang Dakutus, iku
nampani Aku, lan sapa kang nampani Aku, iku
nampani Panjenengane kang ngutus Aku.”

Gusti Yesus paring pitedah sapa kang bakal ngulungake Panjenengane

13:21-30

Mt 26:21-25 Mk 14:18-21 Lk 22:21-23

21 Sawuse Gusti Yesus ngandika mangkono,
Panjenengane banget trenyuh ing galih,
sarta banjur paring paseksen mangkene:
“Satemen-temene pituturKu marang kowe:
Wong siji panunggalanmu bakal ngulungake
Aku.” 22 Para sakabat tumuli padha pandeng-
pandengan, kanthi melang-melang, sapa kang
dipangandikake iku. 23 Sawijining sakabate, iya
iku sakabat kang dikasihi dening Gusti Yesus,
lungguh sendhen sandhing Panjenengane, ing
sisih tengene, 24 iku disasmitani dening Simon
Petrus sarta dicalathoni: “Nyuwuna pirsa sapa
kang dipangandikakake iku.” 25 Sakabat kang
lungguh cedhak Gusti Yesus mau tumuli noleh
sarta matur marang Gusti Yesus: “Gusti,
sinten tiyangipun?” 26 Paring wangsulane
Gusti Yesus: “Wonge iya iku kang bakal
Dakwenehi roti sawuse Dakcelupake.” Sawuse
ngandika mangkono, banjur mundhut roti
sarta kacelupake tumuli kaparingake marang
Yudas anake Simon Iskariot. 27 Lan sawuse
nampani roti iku, Yudas tumuli kapanjingan
Iblis. Gusti Yesus tumuli ngandika marang
dheweke: “Apa kang dadi sedyamu iku
enggal tindakna!” 28 Ananging ora ana wong
siji-sijia ing antarane para sakabat kang padha
kembulan iku kang mangreti, apa karsane

Gusti Yesus ngandika mangkono marang
Yudas iku. 29 Sarehne Yudas kang nyekel kas,
ana kang duwe pangira manawa Gusti Yesus
ngutus Yudas tuku apa-apa kang prelu kanggo
riyaya iku, utawa didhawuhi dedana marang
wong miskin. 30 Yudas nampani roti iku banjur
enggal-enggal lunga. Nalika iku wayahe wis
wengi.

Pepakon anyar

13:31-35

31 Sawuse Yudas lunga, Gusti Yesus banjur
ngandika: “Samengko Putraning Manungsa
kaluhurake sarta Gusti Allah kaluhurake ana
ing sarirane. 32 Manawa Gusti Allah kaluhurake
ana ing sarirane, Gusti Allah iya bakal
ngluhurake Panjenengane ana ing sarirane
piyambak, malah Panjenengane bakal tumuli
kaluhurake. 33 He, anak-anakuKu, anggonKu
tunggal karo kowe mung kari sadhela. Kowe
bakal padha nggoleki Aku, kayadene anggonKu
wus tutur marang wong Yahudi: Ing ngendi
paranKu, kowe ora bakal padha bisa mrana,
saiki Aku iya pitutur mangkono marang kowe.
34 Kowe padha Dakwenehi pepakon anyar, iya
iku supaya kowe padha tresna-tinresnanana:
dikaya anggonKu wus tresna marang kowe,
kowe iya padha tresna-tinresnanana uga.
35 Kanthi mangkono saben wong bakal padha
weruh, yen kowe padha dadi siswaKu, yaiku
manawa kowe padha tresna-tinresnan.”

Gusti Yesus paring pepenget marang Petrus

13:36-38

Mt 26:31-35 Mk 14:27-31 Lk 22:31-34

36 Simon Petrus tumuli munjuk: “Gusti,
Paduka tindak dhateng pundi?” Paring
wangsulane Gusti Yesus: “Menyang ngendi
paranKu kowe ora bisa melu Aku saiki,
nanging besuk kowe bakal padha nusul Aku.”
37 Unjuke Petrus: “Gusti, punapaa kawula
boten saged ndherek Paduka samangke?
Kawula badhe ngetohaken nyawa kawula
kagem Paduka.” 38 Paring wangsulane Gusti
Yesus: “Nyawamu bakal koketohake kanggo
Aku? Satemen-temene pituturKu marang
kowe: Sadurunge jago kluruk, kowe wus
nyelaki Aku ambal ping telu.”

Daleme Sang Rama

14:1-14

14 1 “Atimu aja melang-melang; padha
kumandela ing Allah; iya kumandela
ing Aku uga. 2 Ing daleme RamaKu akeh
panggonan. Manawa ora mangkono, kowe
rak mesthi wis padha Dakkandhani. Awit
Aku mrana prelu nyawisake papan marang
kowe. 3 Dene manawa Aku wus mrana lan
wus nyawisake papan kanggo kowe, tumuli
Aku bakal bali lan ngajak kowe menyang ing
papan padununganKu, supaya ing ngendi

padununganKu, kowe iya padha anaa ing kono
uga.
4 Lan menyang ngendi paranKu, kowe iya
padha sumurup dalane mrana.” 5 Tomas
tumuli munjuk: “Gusti, kawula boten
sumerep dhateng pundi tindak Paduka,
dados kadospundi anggen kawula sumerep
marginipun mrika?” 6 Pangandikane Gusti
Yesus: “Aku iki dalane, sarta jatine kayekten
lan kauripan. Ora ana wong siji-sijia kang
bisa sowan marang Sang Rama, manawa ora
metu ing Aku. 7 Manawa kowe padha wanuha
marang Aku, mesthi kowe kabeh iya wanuh
marang RamaKu. Wiwit saiki kowe padha
wanuh marang Panjenengane sarta wus padha
ndeleng marang Panjenengane.”
8 Unjuke Filipus: “Gusti, kawula mugi sami
Paduka tedahi Sang Rama punika, supados
kawula sadaya sami marem.” 9 Pangandikane
Gusti Yesus: “Wus samono lawase anggonKu
nunggal karo kowe kabeh, Filipus, nanging
kowe kok ora wanuh marang Aku? Sing
sapa wus ndeleng Aku, iku wus ndeleng
Sang Rama; kapriye dene kowe kandha:
Kawula muga sami Paduka tedahi Sang
Rama? 10 Apa kowe ora ngandel yen Aku iki
ana ing Sang Rama lan Sang Rama ana ing
Aku? Apa kang Daktuturake marang kowe
iku, ora Dakucapake saka karepKu dhewe,
nanging Sang Rama, kang dumunung ana
ing Aku, Panjenengane iku kang nindakake
pandamele. 11 Padha ngandela marang Aku,
yen Aku ana ing Sang Rama lan Sang Rama

ana ing Aku; utawa saora-orane, padha
ngandela, marga saka pandamel-pandamel
iku. 12 Satemen-temene pituturKu marang
kowe: Sing sapa pracaya marang Aku, iku
bakal nindakake uga panggawe-panggawe
kang Daklakoni, malah panggawe-panggawe
kang kluwih wigati katimbang karo iku. Awit
Aku lunga menyang ing ngarsane RamaKu;
13 lan apa bae kang koksuwun atas saka
jenengKu, Aku bakal ngleksanani, supaya
Sang Rama kaluhurna ana ing Sang Putra.
14 Manawa kowe padha nyuwun apa-apa
marang Aku atas saka jenengKu, iku Aku kang
bakal ngleksanani."

Gusti Yesus njanjekake Sang Juru Panglipur

14:15-31

15 "Manawa kowe padha trena marang Aku,
padha netepana pepakonKu, 16 Aku bakal
nyuwun marang Sang Rama, nuli kowe
bakal padha diparingi Sang Juru Panglipur
liyane, supaya Panjenengane nunggala karo
kowe, 17 iya iku Rohing Kayekten. Jagad
ora bisa nampani Panjenengane, amarga
jagad ora nyumurupi lan ora wanuh karo
Panjenengane, nanging kowe padha wanuh
marang Panjenengane, amarga Panjenengane
nunggil karo kowe lan bakal dedalem ana ing
kowe.

18 Kowe ora bakal Daktinggal lola, Aku bakal
mbaleni kowe. 19 Kurang sadhela lan jagad

ora bakal ndeleng Aku maneh, nanging kowe
ndeleng Aku, awit Aku urip, lan kowe iya
bakal urip. [20] Ing wektu iku kowe bakal padha
nyumurupi, yen Aku ana ing RamaKu lan kowe
padha ana ing Aku, tuwin Aku ana ing kowe.
[21] Sing sapa nggondheli pepakonKu kalawan
ditetepi, iya iku kang tresna marang Aku.
Lan sing sapa tresna marang Aku, iku bakal
dikasihi dening RamaKu sarta iya bakal
Dakkasihi sarta Aku bakal nglairake sariraKu
marang wong iku.” [22] Yudas, dudu si Iskariot,
tumuli munjuk marang Gusti Yesus: “Gusti,
sababipun punapa dene paduka badhe
nglairaken sarira Paduka dhateng kawula
sadaya, lan boten dhateng jagad?” [23] Gusti
Yesus mangsuli, pangandikane: “Manawa ana
wong kang tresna marang Aku, iku bakal
netepi ing pituturKu sarta bakal dikasihi
dening RamaKu lan Aku karo Sang Rama bakal
padha ngrawuhi sarta makuwon ana ing wong
iku. [24] Sing sapa ora tresna marang Aku, iku
ora netepi ing pituturKu; lan pituturKu kang
kokrungu iku ora saka Aku, nanging saka Sang
Rama kang ngutus Aku.
[25] Kabeh iku mau Dakwarahake marang
kowe, mumpung Aku isih nunggal karo kowe;
[26] nanging Sang Juru Panglipur, iya iku Sang
Roh Suci, kang bakal diutus dening Sang
Rama atas saka jenengKu, iku kang bakal
mulangake samubarang kabeh marang kowe
sarta bakal ngelingake kowe sabarang kang
wus Dakwulangake marang kowe.

[27] Kowe padha Daktinggali tentrem-rahayu.
Tentrem-rahayuKu Dakwenehake marang
kowe, lan apa kang Dakwenehake iku ora
kaya pawewehe jagad marang kowe. Atimu
aja melang-melang lan aja giris. [28] Kowe wus
padha krungu, yen Aku wus kandha marang
kowe: Aku lunga, nanging bakal nekani kowe
maneh. Manawa kowe tresna marang Aku,
kowe mesthi padha bungah dene Aku lunga
menyang ngarsane Sang Rama, sabab Sang
Rama iku ngluwihi Aku. [29] Lan saiki uga kowe
padha Daktuturi sadurunge bab iku kalakon,
supaya samangsa kalakon, kowe padha
pracaya. [30] Aku ora rembugan akeh maneh
karo kowe, awit panggedhene jagad iki teka
lan iku ora duwe wewenang sathithik-thithika
ing ngatase Aku. [31] Nanging supaya jagad
sumrupa, yen Aku tresna marang Sang Rama
sarta manawa Aku nglakoni samubarang
kabeh kang didhawuhake Sang Rama marang
Aku, mara ngadega, ayo padha lunga saka ing
kene."

Wit anggur kang sajati

15:1-8

15 [1] "Aku iki wit anggur kang sajati,
sarta RamaKu iku kang among tani.
[2] Saben pang kang ana ing Aku kang ora
metu wohe, dipagas lan kang metu wohe,
diresiki, supaya mundhaka akeh wohe. [3] Kowe
iku wus padha resik awit saka pitutur kang
wus Dakwulangake marang kowe. [4] Kowe

tetepa dumunung ing Aku lan Aku ana
ing kowe. Padha kaya pang ora bisa metu
wohe saka awake dhewe, manawa ora tetep
dumunung ana ing wit anggur, mangkono
uga kowe ora bisa metokake woh manawa
ora tetep dumunung ana ing Aku. 5 Aku iki
wite anggur lan kowe pang-pange. Sing sapa
tetep dumunung ana ing Aku, lan Aku ana
ing dheweke, iku kang metu wohe akeh,
awit manawa tanpa Aku, kowe padha ora
bisa tumindak apa-apa. 6 Sing sapa ora tetep
dumunung ana ing Aku, iku dibuwang metu
kaya pang mau, temah dadi garing, tumuli
padha dikukupi lan banjur dicemplungake
ing geni, sarta diobong. 7 Manawa kowe
padha tetep dumunung ana ing Aku lan
pituturKu tetep dumunung ana ing kowe,
padha nyenyuwuna apa bae kang kokkarepake
mesthi bakal katurutan. 8 Kang dadi margane
RamaKu kaluhurake, yaiku manawa kowe
padha metokake woh akeh; sarta marga
saka mangkono kowe padha tetela yen dadi
siswaKu."

Dhawuh supaya padha tresna-tinresnan

15:9-17

9 "Kaya Sang Rama wus ngasihi Aku,
mangkono uga Aku iya wus ngasihi kowe;
padha tetepa dumunung ing sihKu iku.
10 Manawa kowe netepi pepakonKu, kowe
mesthi padha tetep dumunung ing sihKu,

padha kaya anggonKu wus netepi dhawuhe
RamaKu lan tetep dumunung ing sihe.
[11] Kabeh iku Daktuturake marang kowe,
supaya kabungahanKu dumununga ing
kowe lan kabungahanmu dadia sampurna.
[12] PapakonKu iku mangkene, iya iku supaya
kowe padha tresna-tinresnanana, dikaya
anggonKu wus nresnani kowe. [13] Ora
ana katresnan kang gedhene ngluwihi
katresnaning wong kang ngetohake nyawane
kanggo nglabuhi mitra-mitrane. [14] Kowe
iku mitraKu, manawa kowe padha nglakoni
pepakonKu marang kowe. [15] Aku ora ngarani
abdi maneh marang kowe, sabab abdi iku ora
sumurup marang panggawene bendarane,
nanging kowe wus padha Dakarani mitra,
jalaran sabarang kang wus Dakrungu saka
RamaKu, iku wus Daksumurupake kabeh
marang kowe. [16] Dudu kowe kang padha milih
Aku, nanging Aku kang milih kowe. Sarta
Aku wus netepake, supaya kowe padha lunga
lan metokake woh lan wohmu iku lestaria,
dimen kowe padha kajurungana apa kang
koksuwun marang Sang Rama atas saka
jenengKu. [17] Iki pepakonKu marang kowe:
Padha tresna-tinresnanana."

Sengite jagad marang Gusti Yesus lan para sakabate

15:18-27

[18] "Manawa kowe padha disengiti dening
jagad, wruhanamu yen Aku wus disengiti

sadurunge kowe. 19 Saupama pinangkamu
saka ing jagad, mesthi jagad tresna marang
kowe awit dadi duweke, nanging sarehne
pinangkamu ora saka ing jagad, malah Aku
wus milihi kowe saka ing jagad, mulane jagad
sengit marang kowe. 20 Padha elinga marang
pitutur kang wus Dakwulangake marang
kowe: Kang jeneng abdi iku ora ngungkuli
bendarane. Manawa Aku iki wus dikaniaya,
kowe iya mesthi bakal dikaniaya; manawa
iku padha netepi dhawuhKu, mesthi iya
netepi pituturmu. 21 Nanging iku kabeh bakal
katandukake marang kowe marga saka Aku,
awit padha ora wanuh marang Panjenengane
kang ngutus Aku. 22 Saupama Aku ora teka lan
ora mituturi wong-wong iku, mesthi ora padha
gawe dosa. Nanging saiki wong-wong iku ora
duwe alasan ing bab dosane. 23 Sing sapa
sengit marang Aku, iya sengit marang RamaKu
uga. 24 Saupama Aku ora nindakake panggawe
ana ing antarane kang durung tau ditindakake
dening wong liya, mesthi ora padha dosa.
Nanging saiki sanadyan wus padha weruh
marang iku kabeh, ewadene iya padha sengit
marang Aku lan marang RamaKu. 25 Nanging
kang mangkono iku supaya kayektenana
pangandika kang katulisan ing kitab Toret
surasane: Tiyang-tiyang punika sami sengit
dhateng Kawula tanpa sabab.

26 Manawa Sang Juru Panglipur kang bakal
Dakutus saka Sang Rama rawuh, iya iku
Rohing kayekten kang miyos saka Sang
Rama, iku bakal nekseni bab ing ngatase Aku.

27 Ananging kowe iya kudu padha dadi seksi,
marga kowe padha nunggal karo Aku wiwit
wiwitan mula.”

Tetep setya

16:1-4a

16 1 “Kabeh iku Daktuturake marang kowe,
supaya kowe aja padha kacuwan lan
nampik marang Aku. 2 Kowe bakal padha
disebratake, malah bakal tumeka ing wektune
saben wong kang mateni kowe, padha
rumangsa yen saos pangabekti marang Gusti
Allah. 3 Wong-wong iku tumindak mangkono,
awit ora padha wanuh marang Sang Rama lan
uga ora wanuh marang Aku. 4 Nanging kabeh
iki Daktuturake marang kowe, supaya manawa
tekan ing titimangsane kowe padha eling, yen
kowe wus padha Dakkandhani.”

Pakaryane Sang Juru Panglipur

16:4b-15

(16-4b) “Prakara iki ora Daktuturake marang
kowe saka wiwitan mula, awit nganti saiki Aku
isih tetunggalan karo kowe, 5 nanging saiki Aku
lunga menyang ing ngarsane Panjenengane
kang wus ngutus Aku, lan panunggalanmu
ora ana kang takon marang Aku: Paduka
tindak dhateng pundi? 6 Ananging marga kowe
padha Dakkandhani bab iku mau, temah atimu
sedhih. 7 Nanging kang Dakpituturake marang
kowe iki bener: Luwih maedahi marang

kowe, manawa Aku lunga. Jalaran manawa
Aku ora lunga, Sang Juru Panglipur iku ora
bakal ngrawuhi kowe, nanging manawa Aku
lunga, Sang Juru Panglipur Dakutus marang
kowe. 8 Dene iku sarawuhe, bakal ngyakinake
marang jagad bab dosa, bab kayekten, lan bab
pangadilan; 9 bab dosa, amarga padha tetep
ora pracaya marang Aku. 10 Bab kayekten, awit
Aku lunga marang ing ngarsane Sang Rama
lan kowe padha ora ndeleng Aku maneh;
11 bab pangandilan, amarga panggedhene
jagad iki wus diadili.
12 Isih akeh prakara kang prelu Daktuturake
marang kowe, nanging saiki kowe durung bisa
nggayuh. 13 Nanging yen Sang Juru Panglipur
iku rawuh, iya iku Rohing Kayekten, iku bakal
nuntun kowe marang kayekten sasampurnane.
Awit mungguh pamangsite iku ora bakal saka
karsane piyambak, nanging sapamirenge
iku kang bakal diwangsitake sarta kowe
bakal diwartani bab-bab kang bakal kalakon.
14 Panjenengane bakal ngluhurake Aku,
amarga bakal martosake marang kowe apa
kang katampi saka Aku. 15 Apa sakagungane
Sang Rama, iku iya duwekKu; mulane Aku
pitutur: Sang Juru Panglipur bakal martosake
marang kowe apa kang wus katampi saka
Aku.”

Kasusahan sadurunge menang

16:16-33

16 “Mung kari sadhela kowe nuli bakal ora
padha ndeleng marang Aku. Lan sadhela
engkas banjur bakal padha ndeleng Aku
maneh.” 17 Krungu kang kaya mangkono
iku sakabate ana sawatara kang tumuli
padha rasanan: “Apa ta tegese pangandikane
marang aku: Kari sadhela nuli kowe padha ora
ndeleng marang Aku, sadhela engkas banjur
padha ndeleng Aku maneh? Lan maneh:
Aku lunga menyang ngarsane Sang Rama?”
18 Pangucape: “Apa ta tegese pangandika:
Mung kari sadhela? Aku padha ora ngreti apa
kang dipangandikakake iku.” 19 Gusti Yesus
mirsa, yen para sakabate padha sumedya
munjuk miterang marang Panjenengane,
banjur ngandika: “Kowe apa padha rasanan
bab pituturKu mau: Mung kari sadhela nuli
kowe padha ora ndeleng Aku lan sadhela
engkas banjur bakal padha ndeleng Aku
maneh? 20 Satemen-temene Aku pitutur
ing kowe: Kowe bakal padha nangis lan
sesambat, nanging jagad bakal bungah;
kowe bakal padha nandhang susah, nanging
kasusahanmu bakal salin dadi kabungahan.
21 Mungguh wong wadon samasa lagi nglarani,
iku ngrasakake susah, nanging samasa wus
nglairake bayine, wus ora kelingan maneh
marang larane, marga saka bungahe dene ana
manungsa kalairake ing donya. 22 Mangkono

uga kowe samengko iya padha nandhang
susah, nanging Aku bakal nemoni kowe maneh
temahan bakal padha bungah atimu lan
ora ana wong siji-sijia kang bisa ngilangake
kabungahnmu iku. 23 Lan ing dina iku kowe ora
bakal padha miterang apa-apa marang Aku.
Satemen-temene pituturKu marang kowe:
Sabarang kang koksuwun marang Sang Rama,
iku bakal kaparingake atas jenengKu. 24 Nganti
saprene kowe durung tau nyuwun apa-apa
atas saka jenengKu. Padha nyenyuwuna,
kowe mesthi bakal padha kaparingan supaya
sampurnaa kabungahanmu.
25 PituturKu marang kowe iku mau kabhe
adhapur pasemon. Bakal ana wektune
anggonKu mituturi kowe ora adhapur pasemon
maneh, nanging sabarese bae anggonKu
martani kowe mungguh Sang Rama. 26 Ing
dina iku kowe bakal padha nyenyuwun atas
saka jenengKu. Lan ora Daktuturake marang
kowe, yen Aku kang bakal nyuwunake kowe
marang Sang Rama, 27 awitdene Sang Rama
piyambak ngasihi kowe, marga kowe wus
padha tresna marang Aku, lan pracaya yen
Aku iki pinangkane saka ing Allah. 28 Aku mijil
saka Sang Rama, lan wus teka ing donya; Aku
ninggal donya maneh sarta bali menyang ing
ngarsane Sang Rama.”
29 Unjuke para sakabate: “Lah, sapunika
pangandika Paduka sabaresipun kemawon,
sampun boten adhapur pasemon. 30 Sapunika
kawula sami sumerep, bilih Paduka mirsa
samukawis lan boten susah tiyang munjuk

pitaken dhateng Paduka. Pramila kawula
sami pitados, bilih pinangka Paduka punika
saking Gusti Allah.” 31 Paring wangsulane
Gusti Yesus: “Apa kowe saiki padha pracaya?
32 Lah, bakal tumeka ing titi-mangsane malah
iya wus tumeka, kowe padha kabuyarake
ing sapara-paranmu dhewe-dhewe, lan Aku
koktinggal ijen. Ananging Aku ora ijen amarga
Sang Rama nunggil karo Aku. 33 AnggonKu
mulangake iku mau kabeh marang kowe iku,
supaya kowe padha oleha tentrem-rayahu ana
ing Aku. Ana ing donya kowe padha nandhang
panganiaya, nanging padha diteteg atimu, Aku
wus ngalahake donya.”

Gusti Yesus ndongakake para sakabate

17:1-26

17 1 Kaya mangkono mau pangandikane
Gusti Yesus. Panjenengane banjur
tumenga marang langit sarta matur: “Dhuh
Rama, sampun dumugi ing wancinipun;
mugi Putra Paduka kaluhurna, supados Putra
Paduka ngluhuraken Paduka. 2 Kadosdene
anggen Paduka sampun maringi panguwaos
dhateng Piyambakipun mengku sawarnining
agesang, makaten ugi Piyambakipun inggih
badhe nyukani gesang langgeng dhateng
sadaya ingkang sampun Paduka paringaken
dhateng Piyambakipun. 3 Wondene menggah
gesang langgeng punika manawi tiyang sami
wanuh kaliyan Paduka, Allah ingkang sajati
piyambak, sarta dhateng Yesus Kristus utusan

Paduka. 4 Kawula sampun ngluhuraken Paduka
wonten ing bumi kanthi patrap anggen Kawula
sampun ngrampungaken padamelan ingkang
Paduka bebahaken dhateng Kawula supados
katindakaken. 5 Dene sapunika, dhuh Rama,
Paduka mugi ngluhuraken Kawula wonten
ing pangayunan Paduka piyambak kanthi
kaluhuran ingkang dados gadhahan Kawula
wonten ing ngarsa Paduka saderengipun jagad
dumados.
6 Kawula sampun nglairaken asma Paduka
dhateng para tiyang ingkang Paduka
paringaken dhateng Kawula saking jagad.
Tiyang-tiyang punika kagungan Paduka sarta
sampun Paduka paringaken dhateng Kawula,
saha sampun sami netepi ing pangandika
Paduka. 7 Sapunika sampun sami sumerep,
bilih sadaya peparing Paduka dhateng
Kawula punika pinangkanipun saking Paduka.
8 Amargi sadaya Pangandika ingkang Paduka
paringaken dhateng Kawula punika sampun
Kawula tampekaken dhateng tiyang-tiyang
wau saha sampun dipun tampeni. Punapadene
sampun sami sumerep saestu, bilih pinangka
Kawula punika saking Paduka lan sami pitados,
bilih Paduka ingkang ngutus Kawula. 9 Kawula
ndongakaken tiyang-tiyang punika. Sanes
jagad ingkang Kawula dongakaken, nanging
tiyang-tiyang peparing Paduka dhateng
Kawula punika, awit punika sami kagungan
Paduka 10 lan sadaya gadhahan Kawula inggih
kagungan Paduka sarta kagungan Paduka
inggih gadhahan Kawula, saha Kawula sampun

kaluhuraken wonten ing tiyang-tiyang punika.
11 Wondene Kawula sampun boten wonten ing donya malih, nanging tiyang-tiyang punika taksih wonten ing donya, tuwin Kawula sowan dhateng ing ngarsa Paduka. Dhuh Rama ingkang Suci, tiyang peparing Paduka dhateng Kawula punika mugi Paduka reksa wonten ing asma Paduka, inggih punika asma Paduka ingkang sampun Paduka paringaken dhateng Kawula, supados tiyang-tiyang wau sami dados satunggal kadosdene Paduka kaliyan
Kawula. 12 Salaminipun Kawula nunggil kaliyan tiyang-tiyang punika, Kawula ingkang ngreksa wonten ing asma Paduka, inggih punika asma ingkang sampun Paduka paringaken dhateng Kawula; Kawula sampun rumeksa dhateng tiyang-tiyang wau ngantos boten wonten tiyang satunggal kemawon ingkang ical kajawi namung tiyang satunggal ingkang sampun pinesthi kedah ical, supados kayektosana,
wiraosing Kitab Suci. 13 Nanging samangke,
Kawula sowan dhateng ing ngarsa Paduka, lan Kawula ngaturaken sadaya punika ing salebetipun Kawula taksih wonten ing donya, supados sampurnaa kabingahan Kawula
wonten ing tiyang-tiyang wau. 14 Tiyang-tiyang
wau sampun sami Kawula sukani pangandika Paduka, lan sami dipun sengiti dening jagad, amargi pinangkanipun boten saking jagad, kadosdene pinangka Kawula punika
inggih boten saking jagad. 15 Kawula boten
nyuwun, supados sami kapundhut saking donya, namung supados Paduka reksa,

sampun ngantos kapanduk ing piawon.
[16] Pinangkanipun tiyang-tiyang punika boten
saking jagad, kadosdene pinangka Kawula
punika inggih boten saking jagad. [17] Mugi sami
Paduka sucekaken ing salebeting kayektosan;
pangandika Paduka inggih punika kayektosan.
[18] Kadosdene Paduka sampun ngutus Kawula
dhateng ing jagad, makaten ugi Kawula inggih
kengkenan tiyang-tiyang punika dhateng
jagad; [19] sarta Kawula nucekaken badan
Kawula kangge tiyang-tiyang punika, supados
ugi sami kasucekna wonten ing kayektosan.
[20] Lan boten namung kangge tiyang-tiyang
punika kemawon anggen Kawula ndedonga,
nanging ugi kangge tiyang-tiyang ingkang
pitados dhateng Kawula margi saking
piwulangipun, [21] supados sadayanipun
sami dadosa satunggal kadosdene Paduka,
dhuh Rama, wonten ing Kawula, sarta
Kawula wonten ing Paduka, supados inggih
sami dadosa satunggal kaliyan Paduka lan
Kawula, supados jagad pitados, bilih Paduka
ingkang ngutus Kawula. [22] Lan Kawula
sampun nyukakaken kamulyan, ingkang
Paduka paringaken dhateng Kawula, dhateng
tiyang-tiyang punika, supados sami dadosa
satunggal, kadosdene Paduka kaliyan Kawula
inggih dados satunggal: [23] Kawula wonten ing
tiyang-tiyang punika sarta Paduka wonten ing
Kawula supados sampurnaa anggenipun dados
satunggal, sarta supados jagad sumerepa,
bilih Paduka ingkang sampun ngutus Kawula

saha bilih tiyang punika sami Paduka kasihi
kadosdene anggen Paduka ngasihi Kawula.
[24] Dhuh Rama, ingkang dados pikajeng
Kawula, Kawula wontena ing pundi kemawon,
tiyang-tiyang punika tansah nunggila kaliyan
Kawula, inggih punika tiyang-tiyang ingkang
sampun Paduka paringaken dhateng Kawula
punika, supados sami nyawang dhateng
kamulyan Kawula peparing Paduka. Awit
Paduka ngasihi Kawula wiwit saderengipun
jagad tinalesan. [25] Dhuh Rama ingkang adil,
jagad punika pancen boten wanuh dhumateng
Paduka, nanging Kawula wanuh kaliyan
Paduka, sarta tiyang-tiyang punika sumerep,
bilih Paduka ingkang sampun ngutus Kawula;
[26] punapa dene Asma Paduka sampun Kawula
sumerepaken dhateng tiyang-tiyang punika
sarta inggih badhe Kawula sumerepaken,
supados sih ingkang Paduka paringaken
dhateng Kawula punika wontena ing tiyang-
tiyang punika, sarta Kawula inggih wontena
ing tiyang-tiyang punika.”

Gusti Yesus kacepeng

18:1-11

Mt 26:47-56 Mk 14:43-50 Lk 22:47-53

18 [1] Sawise Gusti Yesus ngaturake kabeh
iku mau banjur miyos saka ing kono
tindak menyang ing sabrange kali Kidron
kadherekake dening para sakabate. Ing kono
ana patamanan kang tumuli dilebeti karo para
sakabate. [2] Anadene Yudas, kang ngulungake

Gusti Yesus iya weruh panggonan iku, amarga
Gusti Yesus asring nglempak karo para
sakabate ana ing kono. 3 Yudas banjur teka ing
kono kanthi prajurit sapantha lan para tukang
jaga Padaleman Suci, kang diutus dening
para pangarepe imam tuwin para wong Farisi,
padha nggawa ting lan obor sarta gegaman.
4 Anadene Gusti Yesus wus mirsa apa sabarang
kang bakal nempuh marang sarirane,
banjur majeng sarta ngandika marang
wong-wong mau: "Kowe padha nggoleki
sapa?" 5 Wangsulane kang kadangu: "Yesus
Nasarani." Pangandikane Gusti Yesus: "Iya Aku
iki." Yudas kang ngulungake Panjenengane uga
ngadeg ana ing kono awor karo wong-wong
mau. 6 Bareng padha kadhawuhan: "Iya
Aku iki," tumuli padha mundur sarta niba
ing lemah. 7 Gusti Yesus banjur ndangu
maneh: "Kowe padha nggoleki sapa?" Unjuke
wong-wong mau: "Yesus Nasarani." 8 Paring
wangsulane Gusti Yesus: "Aku wus tutur
marang kowe, iya Aku iki wonge. Manawa Aku
kang kokgoleki, wong-wong iki kareben padha
lunga." 9 Mangkono iku supaya kayektenana
ature kang mangkene: "Tiyang peparing
Paduka dhateng Kawula punika boten wonten
satunggal-tunggala ingkang kawula icalaken."
10 Simon Petrus kang asikep pedhang, banjur
ngunus pedhange, disabetake marang abdine
Imam Agung, kupinge kang tengen perung.
Abdi mau jenenge Malkhus. 11 Gusti Yesus
tumuli ngandika marang Petrus: "Pedhangmu

wrangkakna; apa Aku ora kudu ngombe isine tuwung peparinge Sang Rama marang Aku?”

Gusti Yesus kaladosake marang ing ngarsane Sang Hanas
Petrus nyelaki Gusti Yesus

18:12-27

Mt 26:57-75 Mk 14:53-72 Lk 22:54-71

12 Prajurit sapantha lan opsire dalah para
tukang jaga, kang dikongkon dening wong
Yahudi banjur nyekel Gusti Yesus tumuli
kabesta, 13 banjur kadhabyang kajujugake
dhisik menyang daleme Sang Hanas, awit iku
marasepuhe Sang Kayafas, kang jumeneng
Imam Agung ing taun kang lumaku iki;
14 lan iya Imam Agung Kayafas iku kang
maune ngrembugi wong-wong Yahudi: “Luwih
maedahi manawa wong siji mati kanggo
sakabehing bangsa.” 15 Simon Petrus karo
sakabate siji liyane ngetutake Gusti Yesus.
Sakabat kang bebarengan karo Simon Petrus
iku wanuh karo Imam Agung, iku banjur mlebu
menyang platarane Imam Agung bareng karo
Gusti Yesus, 16 nanging Petrus kari ana ing jaba
cedhak regol. Murid liyane kang wanuh Imam
Agung mau, tumuli metu maneh, caturan karo
wong wadon kang tunggu regol, Petrus banjur
diajak mlebu. 17 Abdi wadon kang tunggu regol
mau tumuli calathu marang Petrus: “Dika niku
rak enggih panunggalane sakabate wong niku,
ta?” Wangsulane Petrus: “Sanes.” 18 Ing nalika
iku para abdi lan para tukang jaga Padaleman

Suci wus padha gawe bedhiyang marga ing
wektu iku hawane adhem, wong-wong iku
padha ngadeg api-api ana ing kono. Petrus uga
ngadeg api-api awor karo wong-wong mau.
[19] Ing kono Imam Agung banjur wiwit ndangu
marang Gusti Yesus bab para sakabate lan
bab kang diwulangake. [20] Wangsulane Gusti
Yesus: "AnggonKu mituturi jagad iku ana ing
ngedhengan: AnggonKu mulang ing salawase
ana ing papan-papan pangibadah utawa ing
Padaleman Suci, yaiku papan pakumpulane
kabeh wong Yahudi; Aku ora tau rembugan
apa-apa kalawan dhedhelikan. [21] Apa sababe
kowe takon marang Aku? Takona marang
wong-wong iku, kang wus padha krungu apa
kang Dakkandhakake marang wong-wong
iku. Iku wus padha nyumurupi temenan apa
kang Dakkandhakake." [22] Nalika Panjenengane
ngandika mangkono iku, panunggalane para
tukang jaga kang ngadeg sacedhake kono,
banjur napuk pasuryane Gusti Yesus kambi
calathu: "Mangkono iku saurMu marang
Imam Agung?" [23] Gusti Yesus tumuli mangsuli
pangandikane: "Manawa tembungKu iku
luput, tuduhna lupute, nanging manawa bener
sabab apa kowe kok napuk Aku?" [24] Gusti
Yesus banjur kapurugake kalawan bebestan
menyang ing ngarsane Sang Kayafas kang
jumeneng Imam Agung.
[25] Simon Petrus isih ngadeg api-api.
Tembunge wong-wong kang ana ing kono
marang Petrus: "Dika rak enggih panunggalane
sakabate, ta?" [26] Petrus selak, pangucape:

"Sanes." Sawijine abdine Imam Agung, kalebu sanake kang kaperung kupinge dening Petrus, tumuli calathu: "Napa kula boten weruh dika wonten ing pataman sareng kalih Wong niku?"
27 Petrus banjur selak maneh lan nalika iku ana jago kluruk.

Gusti Yesus ana ing ngarsane Sang Pilatus

18:28-38a

Mt 27:1-2, 11-14 Mk 15:1-5 Lk 23:1-5

28 Gusti Yesus banjur diladosake saka ing
daleme Imam Agung Kayafas menyang ing
gedhong pangadilan. Nalika iku wayahe isih
esuk. Kang ngladosake mau padha ora lumebu
dhewe ing gedhong pangadilan, supaya aja
kongsi kena ing najis, awit arep padha mangan
Paskah.
29 Mula Sang Pilatus kang miyos, sarta
ngandika: "Panggugatmu marang Wong iku
bab prakara apa?"
30 Wong-wong mau padha
mangsuli ature: "Manawi Tiyang punika sanes
durjana mesthi boten kula ladosaken dhateng
Panjenengane!"
31 Dhawuhe Sang Pilatus: "Wis
gawanen, patrapana miturut angger-anggering
Toretmu." Ature wong-wong Yahudi: "Kula
boten sami kawenangaken matrapi paukuman
pejah dhateng tiyang."
32 Kang mangkono
iku supaya kayektenana pangandikane
Gusti Yesus, kang dipangandikakake kagem
mratelakake kapriye patrap bakal sedane.
33 Sang Pilatus banjur lumebet maneh
ing gedhong pangadilan, nuli nimbali Gusti
Yesus sarta ngandika: "Punapa Panjenengan

ratunipun tiyang Yahudi?” 34 Wangsulane
Gusti Yesus: “Pangandika panjenengan
makaten punika punapa saking panggalih
panjenengan piyambak, punapa wonten tiyang
sanes ingkang munjuk makaten dhateng
panjenengan bab ing ngatasipun Kula?”
35 Wangsulane Sang Pilatus: “Punapa kula
punika tiyang Yahudi? Bangsa Panjenengan
piyambak lan para pangajenging imam
ingkang ngladosaken Panjenengan dhateng
kula; Panjenengan tumindak punapa?” 36 Gusti
Yesus mangsuli: “Kraton Kula boten saking
donya punika; manawi kraton Kula saking
donya punika, mesthi tiyang-tiyang Kula
sami lumawan ing perang, supados Kula
sampun ngantos kaulungaken dhateng tiyang
Yahudi. Nanging kraton Kula boten saking
ngriki.” 37 Sang Pilatus banjur ngandika:
“Dados punapa Panjenengan punika inggih
ratu?” Wangsulane Gusti Yesus: “Panjenengan
sampun mastani, bilih Kula punika ratu. Inggih
punika prelunipun Kula lair lan inggih punika
prelunipun Kula dhateng donya, supados Kula
neksenana ing kayektosan; sinten tiyang
ingkang aslinipun saking kayektosan mesthi
mirengaken swara Kula.” 38 Pangandikane
Sang Pilatus: “Kayektosan punika punapa?”

Gusti Yesus kaukum pati

18:38b--19:16a

Mt 27:15-31 Mk 15:6-20 Lk 23:13-25

(18-38b) Sawuse ngandika mangkono, Sang
Pilatus tumuli miyos manggihi wong-wong
Yahudi maneh sarta ngandika: “Mungguh ing
aku Wong iki ora ana kaluputane apa-apa.
39 Nanging kowe padha duwe adat, samasa
riyaya Paskah kowe padha daklilani nyuwun
luware wong siji. Kang iku apa karepmu
kang daklilakake marang kowe ratune wong
Yahudi?” 40 Ing kono wong-wong padha
mbengok maneh: “Sampun Piyambakipun,
Barabas kemawon!” Anadene Barabas iku
sawijining begal.

19 1 Sang Pilatus tumuli dhawuh nggawa
Gusti Yesus supaya disapu. 2 Para
parjurit banjur padha nganam eri kanggo
makuthan diagemake ing mustakane, sarta
diagemi jubah wungu, 3 tumuli padha maju
sarta ngucap: “Sugeng, ratunipun tiyang
Yahudi!” Wong-wong mau banjur napuk
pasuryane.

4 Sang Pilatus tumuli miyos maneh sarta
ngandika marang wong-wong: “Lah tontonen,
iku wonge dakwetokake marang ngarepmu,
supaya kowe padha sumurup, yen mungguh
ing aku ora ana kaluputane.” 5 Gusti Yesus
tumuli miyos, ngagem makutha eri lan jubah
wungu. Pangandikane sang Pilatus marang
wong-wong: “Sawangen manungsa iku!”

6 Nalika para pangarepe imam lan para
wong jaga ndeleng marang Gusti Yesus,
banjur padha mbengok: “Kasaliba, kasaliba!”
Pangandikane Sang Pilatus: “Wis, gawanen
lan saliben; awit mungguh ing aku ora
ana kaluputane apa-apa.” 7 Wangsulane
wong-wong Yahudi: “Kula sami gadhah
angger-angger, dene miturut angger-angger
wau tiyang punika kedah pejah, amargi
ngaken-aken Putanipun Allah.”
8 Sang Pilatus bareng miyarsa atur kang
mangkono iku, saya wuwuh ajrihe, 9 banjur
lumebet ing gedhong pangadilan maneh
sarta ngandika marang Gusti Yesus: “Asal
Panjenengan saking pundi?” Nanging Gusti
Yesus ora paring wangsulan. 10 Kang iku
Sang Pilatus tumuli ngandika: “Punapa
Panjenengan boten kersa rembagan kaliyan
kula? Punapa Panjenengan boten mirsa,
manawi kula punika gadhah panguwaos
ngluwari Panjenengane lan ugi kuwaos
nyalib Panjenengan?” 11 Wangsulane Gusti
Yesus: “Panjenengan mesthi boten kagungan
panguwaos punapa-punapa tumrap Kula,
manawi panguwaos wau boten kaparingaken
dhateng panjenengan saking nginggil. Pramila:
tiyang, ingkang ngladosaken Kula dhateng
panjenengan, punika dosanipun langkug
ageng.” 12 Wiwit nalika iku Sang Pilatus
ngangkah ngluwari marang panjenengane,
nanging wong-wong Yahudi padha mbengok:
“Manawi panjenengan ngluwari tiyang punika
ateges panjenengan sanes mitranipun Sang

Nata Agung, sinten ingkang ngaken-aken
dados ratu, ateges mbalila dhateng Sang Nata
Agung.”
13 Bareng Sang Pilatus miyarsa atur kang
mangkono iku, tumuli dhawuh ngwedalake
Gusti Yesus lan banjur lenggah ana ing
kursi pangadilan, ing panggonan kang
aran Litostrotos, ing basa Ibrani: Gabata.
14 Ing nalika iku pinuju dina pacawisan
Paskah, kira-kira jam rolas. Sang Pilatus
banjur ngandika marang wong-wong Yahudi:
“Sawangen ratumu!” 15 Nanging wong-wong
mau padha bengok-bengok: “Kasirnakna!
Kasirnakna! Kasaliba!” Pangandikane Sang
Pilatus: “Apa aku kudu nyalib ratumu?”
Wangsulane para pangarepe imam: “Kula
sami boten gadhah ratu kajawi namung Sang
Nata Agung.” 16 Wasana Sang Pilatus banjur
masrahake Gusti Yesus marang wong-wong
mau supaya disalib.

Gusti Yesus kasalib

19:16b-27

Mt 27:32-38 Mk 15:21-27 Lk 23:26, 33-43

(19-16b) Gusti Yesus nuli ditampani.
17 Banjur miyos kalawan manggul salibe
lan tindak menyang panggonan kang aran
Pacumplungan, ing basa Ibrani: Golgota.
18 Ana ing kono tumuli kasalib bareng karo
wong loro liyane, dumunung ing kiwa lan
tengene, Gusti Yesus ana ing tengah. 19 Sang
Pilatus uga dhawuh masang tulisan ana ing

sadhuwure salib, unine: “Yesus Nasarani,
Ratune wong Yahudi.” [20] Akeh wong Yahudi
kang maca tulisan mau, amarga papan
panyalibe Gusti Yesus iku cedhak kutha,
lan tulisan mau nganggo basa Ibrani, Latin
lan Yunani. [21] Para pangarepe imam bangsa
Yahudi banjur padha matur marang Sang
Pilatus: “Panjenengan sampun nyerat: Ratune
wong Yahudi, nanging bilih pangakenipun: Aku
iki ratune wong Yahudi.” [22] Wangsulane Sang
Pilatus: “Apa kang wus daktulis, tetep katulis.”
[23] Sawuse para prajurit mau padha
nyalib Gusti Yesus, banjur padha njupuk
pangagemane dipara papat, saben prajurit
nyaduman lan ageme jubah uga kajupuk.
Jubah iku ora nganggo dondoman, tenunane
lajuran wiwit saka ing dhuwur tutug ing ngisor.
[24] Kang iku prajurit mau padha rembugan:
“Iku aja dibage-bage dadi suwekan, ayo padha
digebug ing dhadhu kanggo nemtokake sapa
kang bakal nduweni.” Iku supaya kayektenana
kang katulisan ing Kitab Suci:

Sandhangan Kawula sami dipun dumdum,
saha jubah Kawula dipun gebag ing
dhadhu.”

Kang mangkono iku wus katindakake dening
para prajurit iku. [25] Anadene kang ibu lan
sadulure kang ibu, Maryam, bojone Klopas
tuwin Maryam Magdalena padha ngadeg
cedhak salibe Gusti Yesus. [26] Bareng Gusti
Yesus mirsani kang ibu lan sakabat kang
dikasihi ngadeg sandhinge, banjur ngandika
marang kang ibu: “Ibu, punika ingkang putra!”

[27] Nuli ngandika marang sakabate mau: “Lah
iku ibumu!” Lan wiwit nalika iku sakabat mau
banjur mboyong ibu Maryam menyang omahe.

Sedane Gusti Yesus

19:28-30

Mt 27:45-50 Mk 15:33-37 Lk 23:44-46

[28] Sawuse mangkono, ing sarehne Gusti Yesus
mirsa, yen samubarang kabeh wus rampung,
banjur ngandika -- supaya kayektenana kang
katulisan ing Kitab Suci --: “Aku ngelak!”
[29] Ing kono ana wadhah kang kebak isi anggur
kecut. Tumuli ana wong kang nyelupake jamur
karang ing anggur kecut mau, nuli kacublesake
ing pang hisop, banjur dicecepake marang
tutuke Gusti Yesus. [30] Sawise nyecep anggur
kecut mau, Gusti Yesus tumuli ngandika: “Wus
rampung!” Banjur ndhingklukake mastaka lan
masrahake nyawane.

Lambunge Gusti Yesus kajojoh

19:31-37

[31] Sarehne pinuju dina pacawisan lan supaya
ing dina Sabat layon-layon aja kabanjur ana
ing kayu salib -- sabab dina Sabat iku dina
Sabat kang pinunjul -- mulane wong-wong
Yahudi padha teka sarta duwe panyuwun
marang Sang Pilatus supaya wong-wong
kang ana ing kayu salib padha karemukana
sikile, lan layone kaudhunna. [32] Mulane para
prajurit banjur padha mara sarta ngremuki

sikile wong kang siji lan kang sijine kang
disalib bareng karo Gusti Yesus; 33 nanging
bareng nekani marang Gusti Yesus sarta
padha weruh manawa wus seda, Gusti Yesus
ora diremuk sampeyane, 34 ewasamono salah
sijining prajurit panunggalane iku njojoh
lambunge Gusti Yesus kalawan tumbak, temah
sanalika metu getihe lan banyune. 35 Anadene
wong kang ndeleng dhewe bab iku, iku kang
nekseni, lan paseksene iku nyata, sarta wong
iku sumurup, yen pratelane iku nyata, supaya
kowe uga padha pracaya. 36 Sabab kalakone
iku mau supaya kayektenana kang tinulis ing
Kitab Suci: "Ora ana balunge kang diremuk."
37 Lan ana tulisan maneh kang mratelakake:
"Wong-wong bakal padha nyawang marang
Panjenengane, kang wus dijojoh."

Gusti Yesus kasarekake

19:38-42

Mt 27:57-61 Mk 15:42-47 Lk 23:50-56

38 Sawuse mangkono Yusuf saka ing kutha
Arimatea -- iku dadi siswane Gusti Yesus
nanging kanthi sidheman marga wedi karo
wong Yahudi -- duwe atur panyuwun marang
Sang Pilatus, supaya dililanana ngukup layone
Gusti Yesus. Lan Sang Pilatus uga nglilani.
Yusuf tumuli sowan sarta ngukup layone.
39 Apadene Nikodhemus uga teka ing kono.
Iya iku kang sakawit sowan ing ngarsane
Gusti Yesus ing wayah bengi. Nikodhemus
nggawa caruban lenga mur lan lenga garu,

bobote watara seket kati. 40 Wong-wong
mau ngukup layone Gusti Yesus lan diulesi
ing lawon nganggo adon-adon kaya adate
wong Yahudi yen metak layon. 41 Sacedhake
papan panggonane Gusti Yesus kasalib iku
ana patamanane lan ing patamanan mau
ana pakuburan anyar kang durung tau
dianggo ngubur wong. 42 Sarehne pinuju dina
pacawisane wong Yahudi, sarta kuburane iku
cedhak, mula Gusti Yesus banjur disarekake
ana ing kono.

Wungune Gusti Yesus

20:1-10

Mt 28:1-10 Mk 16:1-8 Lk 24:1-12

20 1 Ing dina kapisan ing Minggu iku
esuk umun-umun, nalika isih peteng,
Maryam Magdalena menyang pasarean lan
dheweke weruh manawa watu tutupe guwa
wus kasingkirake saka ing pasarean. 2 Tumuli
lumayu nemoni Simon Petrus lan sakabat
liyane kang dikasihi dening Gusti Yesus, padha
diwartani: "Gusti dipun pendhet ing tiyang
saking pasarean, lan kula boten sumerep
wonten ing pundi anggenipun nyarekaken."
3 Petrus lan sakabat liyane mau banjur padha
mangkat menyang pasarean. 4 Sakarone
padha mlayu bebarengan, nanging sakabat
liyane iku playune luwih rikat tinimbang
Simon Petrus, temahan luwih dhisik tekane
ing pasarean. 5 Lan bareng nginguk, weruh
yen ulese wus sumeleh ing lemah; nanging

dheweke ora mlebu. [6] Simon Petrus olehe
nututi iya tumuli tekan sarta banjur mlebu
ing pasarean, lan weruh ulese sumeleh ing
lemah [7] dene lawon riwe kang maune ana
ing mastakane Gusti Yesus ora awor karo
ulese, nanging sumeleh rada nyele ana ing
panggonan liya lan wis gulungan. [8] Sakabat
liyane kang dhisik tekane ing pasarean
mau iya tumuli mlebu, banjur ndeleng sarta
pracaya. [9] Awit salawase sakabat-sakabat mau
durung padha mangreti isine Kitab Suci kang
mratelakake, yen Gusti Yesus pinesthi wungu
saka ing antarane wong mati. [10] Sakabat loro
mau tumuli padha mulih.

Gusti Yesus ngatingal marang Maryam Magdalena

20:11-18

[11] Nanging Maryam Magdalena ngadeg ana
ing sacedhake pasarean karo nangis. Sajrone
nagis nginguk ing pasarean, [12] sarta weruh
ana malaekat loro ngagem-agem putih, padha
lenggah, kang siji ing ulon-ulon, sijine ana
ing dagan tilas panggonan sumareng layone
Gusti Yesus. [13] Malaekat iku banjur padha
ngandika marang Maryam: “Ibu, kena apa
kowe nangis?” Ature Maryam: “Gusti kula
dipun pendhet tiyang lan kula boten sumerep
wonten ing pundi anggenipun nyarekaken.”
[14] Sawuse matur mangkono, tumuli mengo
sarta weruh Gusti Yesus jumeneng ana ing
kono, nanging ora sumurup, manawa iku Gusti

Yesus. 15 Gusti Yesus tumuli ngandika: “Ibu,
kena apa kowe nangis? Kowe nggoleki sapa?”
Panyanane Maryam iku juru taman, banjur
matur: “Bapak, manawi sampeyan ingkang
mendhet Panjenenganipun, kula sampeyan
criyosi, wonten ing pundi anggen sampeyan
nyarekakaken, kula pendhetipun.” 16 Gusti
Yesus tumuli ngandika: “Maryam!” Maryam
banjur minger sarta munjuk ing basa Ibrani:
“Rabuni!” Jarwane: Guru. 17 Pangandikane
Gusti Yesus: “Aja nggepok marang Aku, awit
Aku durung sowan ing ngarsane RamaKu,
nanging lungaa nemonana para sadulurKu, lan
padha kandhanana, manawa Aku arep sowan
menyang ing ngarsane RamaKu lan Ramamu
ing ngarsane AllahKu lan Allahmu.” 18 Maryam
Magdalena tumuli lunga wewarta marang para
sakabat: “Aku wus ndeleng Gusti!” sarta yen
kang mangandikani bab-bab iku mau uga
Panjenengane.

Gusti Yesus ngatingal marang para sakabat

20:19-23

Lk 24:36-39, 47-49

19 Bareng ing wayah bengi ing dina kapisan
minggu iku para sakabate Gusti Yesus padha
nglumpuk ana ing sawijining papan, lawange
padha kakancing awit saka wedine marang
wong Yahudi. Ing nalika iku Gusti Yesus
rawuh jumeneng ana ing tengah-tengahe para
sakabat sarta ngandika: “Tentrem-rayahu

anaa ing kowe kabeh!” [20] Sawuse ngandika
mangkono, tumuli nedahake astane lan
lambunge marang para sakabat. Para sakabat
iku padha bungah nalika ndeleng Gusti
Yesus. [21] Gusti Yesus banjur ngandika maneh:
“Tentrem-rahayu ana ing kowe kabeh! Kaya
anggonKu kautus dening Sang Rama, kowe
saiki iya padha Dakkongkon.” [22] Sawuse
ngandika mangkono, tumuli padha didamoni,
lan dipangandikani: “Padha nampanana Roh
Suci. [23] Manawa kowe padha ngapura dosane
wong, iku dosane diapura, lan manawa
kowe padha netepake dosane, iku dosane
ditetepake.”

Gusti Yesus ngatingal marang Tomas

20:24-29

[24] Nanging Tomas, panunggalane sakabat
rolas iku, kang karan Dhidhimus, nalika
rawuhe Gusti Yesus mau ora nunggal karo
kanca-kancane. [25] Banjur dikandhani dening
para sakabat liyane iku: “Aku wus padha
ndeleng Gusti!” Nanging Tomas calathu:
“Manawa aku durung ndeleng tabete paku ana
ing astane lan sadurunge aku ndulek tilas paku
iku nganggo drijiku tuwin lambunge daklodok
nganggo tanganku, aku ora bakal ngandel
pisan-pisan.”

[26] Bareng tumeka ing wolung dinane para
sakabate Gusti Yesus padha ana ing jero
omah iku maneh sarta Tomas iya ana.
Gusti Yesus tumuli rawuh nalika lawange

padha kakancing, banjur jumeneng ana ing
tengah-tengahe para sakabat sarta ngandika:
"Tentrem-rahayu anaa ing kowe!"
27 Nuli
ngandika marang Tomas: "Drijimu prenekna,
tanganKu tontonen, sarta tanganmu ulungna,
lodokna ing lambungKu lan kowe aja nganti
ora ngandel maneh, nanging kumandela!"
28 Tomas mangsuli, unjuke: "Dhuh Gusti
kawula, Allah kawula!"
29 Pangandikane Gusti
Yesus: "Amarga kowe wus ndeleng Aku, temah
kowe kumandel. Rahayu wong kang padha ora
ndeleng, nanging kumandel."

Tujuane Injil iki katulis

20:30-31

30 Dhasar isih ana pratandha liyane akeh
maneh kang katindakake dening Gusti Yesus
ana ing ngarepe para sakabate, kang ora
kasebut ana ing kitab iki,
31 nanging kabeh
kang kamot ing kene, iku katulisan supaya
kowe padha pracaya, yen Gusti Yesus iku Sang
Kristus, Putrane Gusti Allah, sarta supaya
srana pracayamu kowe padha nduwenana uip
ana ing Asmane.

Gusti Yesus ngatingal marang para sakabate ana ing pinggir sagara Tiberias

21:1-14

21 1 Sawuse mangkono, Gusti Yesus
ngatingal marang para sakabate
maneh ana ing pinggire sagara Tiberias; dene

anggone ngatingal mau mangkene: 2 Ana ing
pasisir kono kang padha ngumpul: Simon
Petrus lan Tomas kang karan Dhidhimus,
Natanael kang saka ing kutha Kana tanah
Galilea, anake Zebedheus lan sakabate liyane
loro. 3 Simon Petrus tumuli kandha marang
kanca-kancane mau: “Aku arep lunga golek
iwak.” Wangsulane kancane: “Aku iya padha
melu kowe.” Banjur padha mangkat nunggang
prau, nanging sawengi iku padha ora oleh
apa-apa. 4 Nalika wus bangun esuk, Gusti
Yesus jumeneng ana ing gegisik. Nanging
para sakabate padha ora ngreti, yen iku Gusti
Yesus. 5 Gusti Yesus tumuli ngandika: “He,
bocah-bocah, apa kowe padha duwe lawuh?”
Wangsulane: “Boten.” 6 Pangandikane Gusti
Yesus: “Jalamu tibakna ing satengene prau,
temah kowe bakal padha oleh.” Jalane tumuli
ditibakake, nanging banjur ora kena ditarik,
awit saka akehe iwake. 7 Sakabat kang dikasihi
dening Gusti Yesus tumuli kandha marang
Petrus: “Iku Gusti.” Bareng Simon Petrus
krungu, yen iku Gusti Yesus, tumuli nganggo
sandhangane, marga isih ngliga; banjur
ambyur ing sagara. 8 Praune diajokake dening
para sakabat liyane, jalaran ora adoh saka
ing dharatan, mung watara rong atus asta,
sarta jalane kang kebak iwak iku digered.
9 Samentase ing dharatan, para sakabat padha
weruh geni areng, lan iwak tumupang ing
geni mau sarta roti. 10 Gusti Yesus tumuli
ngandika marang para sakabat: “Njupuka iwak
sawatara, oleh-olehane anggonmu mentas

njala iku!” 11 Simon Petrus banjur munggah ing
prau lan ngetas jalane menyang ing dharatan,
jala iku kebak iwak gedhe-gedhe: nganti satus
seket telu kehe. Nanging sanadyan nganti
samono kehe, jalane ora bedhah.
12 Pangandikane Gusti Yesus marang para
sakabat: “Mrenea, padha sarapana.” Ora ana
ing antarane para sakabat iku kang wani
munjuk pitakon: “Paduka punika sinten?”
Amarga wus padha ngreti, yen Panjenengane
iku Gusti Yesus. 13 Gusti Yesus tumuli majeng,
sarta mundhut roti mau, tumuli diparingake
marang para sakabat, mangkono uga iwake.
14 Iku wus ping telune anggone Gusti Yesus
ngatingal marang para sakabate sawuse
wungu saka ing antarane wong mati.

Angona wedhus-wedhusKu

21:15-19

15 Sawuse padha sarapan, Gusti Yesus
ngandika marang Simon Petrus: “Simon
anake Yokanan, apa kowe tresna marang
Aku ngluwihi wong-wong iki?” Unjuke Petrus:
“Inggih Gusti, Paduka mirsa, bilih kawula
remen dhumateng Paduka.” Pangandikane
Gusti Yesus: “Engonen cempe-cempeKu!”
16 Pangandikane Gusti Yesus maneh marang
Petrus kang kapindhone: “Simon, anake
Yokanan, apa kowe tresna marang Aku?”
Unjuke Petrus: “Inggih Gusti, Paduka mirsa,
bilih kawula remen dhumateng Paduka.”
Pangandikane Gusti Yesus: “Engonen

wedhus-wedhusKu!” 17 Pangandikane Gusti
Yesus marang Petrus kang kaping telune:
“Simon, anake Yokanan, apa kowe dhemen
marang Aku?” Petrus dadi sedhih atine
amarga Gusti Yesus ndangu kang kaping
telune: “Apa kowe dhemen marang Aku?”
Petrus banjur munjuk: “Dhuh, Gusti, Paduka
mirsa samukawis, inggih mirsa, bilih kawula
remen dhumateng Paduka.” Pangandikane
Gusti Yesus: “Engonen wedhus-wedhusKu!
18 Satemen-temene pituturKu ing kowe: Nalika
kowe isih enom, kowe sabukan dhewe lan
kowe lumaku menyang ngendi bae kang
kokkarepake, nanging besuk manawa kowe
wus tuwa, kowe bakal mulung tanganmu
lan wong liya kang bakal nyabuki, banjur
nggawa kowe menyang panggonan kang ora
kokkarepake.” 19 Bab iku dipangandikakake
kanggo mrasemoni kapriye patrape Petrus
anggone bakal mati kanggo ngluhurake Gusti
Allah. Sawuse ngandika mangkono mau tumuli
dhawuh marang Petrus: “Melua Aku!”

Sakabat dikasihi dening Gusti Yesus

21:20-23

20 Bareng Petrus noleh, weruh sakabat
kang dikasihi dening Gusti Yesus ndherek,
iya iku sakabat kang nalika bujana lungguh
cedhak Gusti Yesus sarta munjuk: “Gusti,
sinten tiyangipun ingkang badhe ngulungaken
Paduka?” 21 Nalika Petrus weruh sakabat iku
mau, tumuli munjuk marang Gusti Yesus:

"Gusti, dene punika badhenipun kadospundi?"
22 Pangandikane Gusti Yesus: "Saupama
Dakkarepake, supaya iku tetep urip nganti
satekaKu, iku rak dudu prakaramu. Nanging
kowe: Melua Aku!" 23 Banjur sumebar kabar
ing antarane para sadulur, yen sakabat
iku mau bakal ora mati. Nanging Petrus
ora dipangandikani dening Gusti Yesus,
yen sakabat mau bakal ora mati, nanging:
"Saupama dheweke Dakkarepake supaya tetep
urip nganti satekaKu, iku dudu prakaramu."

Panutup

21:24-25

24 Iya iku sakabat, kang nekseni lan wus
nulisi bab iki kabeh lan aku kabeh padha
sumurup, yen paseksene iku nyata.
25 Isih akeh bab-bab liyane maneh kang
katindakake dening Gusti Yesus, nanging
saupama kabeh iku kudu katulisan siji-sijine,
mesthi jagad iki ora bisa ngemot kabeh buku
kang kudu katulis iku.

LELAKONE PARA RASUL

Prajanji bab Roh Suci

1:1-5

1 [1] Sang Teofilus, ing serat kula ingkang
kapisan, kula nyariyosaken sadaya
pakaryan lan piwulangipun Gusti
Yesus, [2] ngantos dumugi ing dinten
anggenipun kasengkakaken. Saderengipun
Panjenenganipun sampun paring dhawuh
lumantar Sang Roh Suci dhateng para
rasul pepilihanipun. [3] Sareng sampun
rampung anggenipun nandhang sangsara,
Panjenenganipun lajeng ngatingal dhateng
para rasul wau, sarta kalayan pratandha
kathah paring bukti, bilih Panjenenganipun
gesang. Amargi ngantos kawan dasa dinten
laminipun anggenipun wongsal-wangsul
ngatingal saha wawan pangandika bab
Kratoning Allah kaliyan para rasul wau.
[4] Ing sawijining dina nalika Gusti Yesus
dhahar bebarengan karo para rasul, iku padha
ora diparengake ninggal kutha Yerusalem,
sarta padha didhawuhi ana ing kono, ngenteni
janjine Sang Rama, kang -- mangkene
pangandikane -- “wis padha kokrungu saka
Aku. [5] Sabab Yokanan iku anggone mbaptis
nganggo banyu, nanging ora suwe maneh
kowe bakal padha kabaptis kalawan Roh Suci.”

Gusti Yesus sumengka marang ing swarga

1:6-11

6 Para rasul kang padha kumpul iku nuli
matur pitakon: "Gusti, punapa sapunika
anggen Paduka badhe mulihaken karajan
kangge Israel?" 7 Paring wangsulane: "Kowe
ora prelu nyumurupi mangsa lan wektu, kang
katamtokake dening Sang Rama piyambak,
manut panguwaose. 8 Nanging kowe bakal
padha tampa kasekten, samangsa Sang
Roh Suci wus nedhaki marang kowe kabeh
sarta kowe bakal padha dadi seksiKu ana
ing Yerusalem lan ing satanah Yudea kabeh,
sarta ing tanah Samaria tuwin tumeka ing
pungkasaning bumi."
9 Sawuse ngandika mangkono, Panjenengane
nuli sinengkakake, sineksen dening para
rasul, banjur wis ora katingal, amarga
kaaling-alingan mega. 10 Nalika lagi padha
tumenga ing langit ngawasake anggone Gusti
sumengka iku, dumadakan ana priya loro
jumeneng ing sacedhake, padha mangagem
putih, 11 kang tumuli mangandikani mangkene:
"Heh, wong-wong Galilea, yagene kowe padha
ngadeg tumenga marang langit? Gusti Yesus,
kang sumengka marang ing swarga, nilar
kowe kabeh iki, bakal rawuh maneh kanthi
patrap kaya kang padha kokdeleng nalika
Panjenengane minggah menyang ing swarga."

Para rasul padha nganti-anti

1:12-14

12 Para rasul banjur padha bali menyang
ing Yerusalem saka ing gunung Zaitun, kang
saka ing Yerusalem dohe mung salakon
ing dina Sabat. 13 Satekane ing kutha,
nuli padha munggah menyang kamar ing
dhuwur, kang dipondhoki, yaiku: Petrus lan
Yokanan, Yakobus lan Andreas, Filipus lan
Tomas, Bartolomeus lan Mateus, Yakobus
anake Alfeus, lan Simon wong Zelot sarta
Yudas anake Yakobus. 14 Kabeh padha saiyeg
anggone mempeng ing pandonga, bebarengan
karo wanita sawatara sarta ibu Maryam, kang
ibune Gusti Yesus, tuwin para sadhereke Gusti
Yesus.

Matias kapilih dadi gegentine Yudas

1:15-26

15 Ing nalika samana Rasul Petrus banjur
jumeneng ana ing satengahe para sadulur,
kang lagi padha nglumpuk, cacahe watara
satus rong puluh, sarta ngandika: 16 "He,
para sadulur, pangandika ing Kitab Suci, kang
kalairake dening Sang Roh Suci lumantar Sang
Prabu Dawud, iku kudu kayektenan, yaiku
bab Yudas, kang dadi pangiride wong-wong
kang nyekel Gusti Yesus. 17 Maune iku klebu
etung ana ing golonganku kabeh sarta
melu nindakake bubuhan leladi iki. 18 Yudas

iku wus tuku palemahan sarana opahing
pialane, banjur tiba kerungkeb, wetenge
bedhah, nganti jeroane metu kabeh. 19 Bab
iku kasumurupan ing wong sa-Yerusalem
kabeh, mulane palemahan mau banjur diarani
nganggo basane wong-wong mau dhewe:
"Hakal-Dama", tegese Tanah-Getih. 20 Sabab
ing kitab Masmur ana kang tinulis mangkene:

Pemahanipun dadosa suwung,
sampun ngantos wonten ingkang ngenggeni.
Sarta:
Kalenggahanipun kapendheta dening tiyang sanes.

21 Awit saka iku panunggalane kang tansah
kekumpulan karo aku kabeh, sajrone Gusti
Yesus tetunggilan karo aku iku, 22 yaiku wiwit
saka pambaptise Nabi Yokanan nganti tekan
ing dina sumengkane Gusti Yesus menyang
ing swarga, nilar aku kabeh, anaa siji kang
diwuwuhake marang kita, supaya melu dadi
seksi bab wungune."

23 Wong-wong banjur ngusulake wong loro:
Yusuf kang karan Barsabas lan kang uga karan
Yustus, tuwin Matias. 24 Kabeh nuli padha
ndedonga lan munjuk: "Dhuh, Gusti, Paduka
ingkang nguningani manahipun sadaya tiyang,
mugi karsaa paring pitedah, tiyang kalih
punika pundi ingkang Paduka pilih, 25 supados
nampeni kalenggahan lelados, inggih punika
kalenggahan rasul, ingkang katilar dening
Yudas, ingkang sampun dhumawah ing
panggenan ingkang samesthinipun tumrap
piyambakipun punika." 26 Banjur padha

diundhi, satemah kang kena Matias. Iku nuli
kagolongake karo para rasul sawelas.

Riyaya Pentekosta. Tumedhake Sang Roh Suci

2:1-13

2 1 Bareng ing dina riyaya Pentekosta, kabeh
wong padha nglumpuk. 2 Dumadakan ana
swara saka ing langit, saemper sumiyuting
angin gedhe, kang ngebeki saomah kang
kanggo lelungguhan, 3 banjur padha ndeleng
ilat-ilatan kaya urubing geni, kang ambyar
lan nibani sawiji-wijining wong mau kabeh.
4 Tumuli kabeh padha kapenuhan ing Roh Suci
sarta banjur padha wiwit guneman nganggo
basa-basa liya, bab kang kawisikake dening
Roh supaya kalairake.
5 Nalika samana ing Yerusalem ana wong-
wong Yahudi kang saleh saka sarupaning
bangsa ing sangisoring langit. 6 Bareng ana
swara mangkono mau, tumuli wong akeh
padha teka kumrubut sarta padha kuwur
atine, amarga saben wong krungu para rasul
padha ngandika ngagem basane wong-wong
mau. 7 Kabeh padha njenger kaeraman,
banjur padha calathu: “Apa sing padha
caturan iku dudu wong Galilea? 8 Kapriye dene
kita dhewe-dhewe padha krungu anggone
caturan nganggo basa kita dhewe, yaiku basa
kang kita anggo ana ing nagara asal kita:
9 kita iki wong Partia, Media, Elam, kang
padha manggon ing Mesopotamia, Yudea lan

Kapadhokia, Pontus lan Asia, [10] Frigia lan
Pamfilia, Mesir lan ing wewengkone tanah
Libia kang cedhak karo Kirene, wong-wong
neneka saka ing nagara Rum, [11] iya wong
Yahudi iya wong kang manjing agama Yahudi,
wong Kreta lan wong Arab, kita krungu
wong-wong iku padha calathu nganggo basa
kita dhewe-dhewe bab pakaryan-pakaryan
agung kang katindakake dening Gusti Allah."
[12] Kabeh padha kaeraman sarta bingung lan
padha sapocapan mangkene: [13] "Apa ta tegese
iki?" Nanging wong liyane ana kang ngece,
calathune: "Wong iku rak padha mendem
anggur manis."

Kotbahe Rasul Petrus

2:14-36

[14] Rasul Petrus tumuli jumeneng dalah para
kanthine sawelas, sarta ngandika kalawan
swara sora marang wong-wong mau: "Para
sadherek Yahudi saha panjenengan sadaya
ingkang sami dedalem ing kitha Yerusalem,
mugi sami nguninganana saha kula aturi
midhangetaken atur kula. [15] Tiyang-tiyang
punika boten sami mendem, kados panginten
panjenengan, amargi sapunika saweg jam
sanga. [16] Nanging inggih punika ingkang
kapangandikakaken dening Gusti Allah
lumantar Nabi Yoel makaten:

[17] Besuk ing dina-dina kang wekasan
-- mangkono pangandikaning Allah --

Ingsun bakal ngesokake RohingSun marang sakabehing manungsa;
anak-anakira lanang lan wadon bakal padha medhar wangsit,
lan wong nom-nomanira bakal padha ndeleng wahyu,
sarta wong-wongira kang wis tuwa bakal padha oleh impen.
18 Uga para abdiningSun lanang lan wadon
bakal Sunesoki RohingSun ing dina-dina iku,
lan bakal padha medhar wangsit.
19 Sarta Ingsun bakal nganakake mukjijat-mukjijat ana ing dhuwur, ana ing langit
lan pratandha-pratandha ana ing ngisor, ana ing bumi:
getih lan geni sarta kumeluning pega.
20 Srengenge bakal salin dadi peteng ndhedhet
lan rembulan bakal dadi getih
sadurunge dinaning Pangeran kang agung lan luhur iku teka.
21 Anadene saben wong kang nyebut asmaning Pangeran iku bakal kapitulungan rahayu.

22 Para sadherek Israel, kula aturi
midhangetaken atur kula punika: Ingkang
kula kajengaken inggih punika Gusti Yesus
saking Nasaret, satunggaling priya ingkang
sampun kapiji dening Gusti Allah saha ingkang
sampun katelakakaken dhateng panjenengan
sadaya kaliyan kasekten-kasekten, tuwin
mukjijat-mukjijat sarta pratandha-pratandha

ingkang dipun wontenaken dening Gusti Allah
lumantar Panjenenganipun wonten ing tengah-
tengah panjenengan sadaya, kadosdene
ingkang sampun panjenengan uningani.
23 Panjenenganipun ingkang kaulungaken
dening Gusti Allah miturut karsa saha
rancanganipun punika sampun panjenengan
salib sarta panjenengan sedani lumantar
tanganipun bangsa-bangsa ingkang duraka.
24 Nanging lajeng kawungokaken dening
Gusti Allah, kauwalaken saking sangsaraning
pejah, amargi boten badhe Panjenenganipun
lestantun kawengku dening panguwaosing
pejah punika. 25 Awit Sang Prabu Dawud
ngandika ing bab Panjenenganipun makaten:

Aku tansah mandeng marang Pangeran,
amarga Panjenengane jumeneng ing
tengenku,
satemah aku ora keguh.
26 Mulane atiku asukarena lan jiwaku
asurak-surak;
malah badanku bakal lerem kalawan
tentrem,
27 amargi Paduka boten masrahaken kawula
dhateng jagadipun tiyang pejah,
sarta boten negakaken Abdi Paduka ingkang
suci ngalami risak.
28 Paduka paring sumerep dhateng kawula
bab margining gesang;
Paduka badhe ngluberaken kabingahan
dhateng kawula
wonten ing pangayunan Paduka.

29 Para sadherek, kula keparenga matur
dhateng panjenengan sadaya kalayan ngeblak
bab Sang Prabu Dawud, leluhuripun bangsa
kita. Panjenenganipun sampun seda saha
kasarekaken, saha pasareanipun dumugi
ing dinten punika taksih wonten. 30 Nanging
panjenenganipun punika satunggaling nabi
saha mirsa, bilih Gusti Allah sampun paring
prajanji dhateng panjenenganipun kalayan
supaos, bilih Gusti Allah badhe nglenggahaken
satunggaling tedhakipun Sang Prabu Dawud
piyambak wonten ing dhamparipun. 31 Margi
saking punika panjenenganipun uninga
saderengipun saha ngandika bab wungunipun
Sang Mesih, inggih punika nalika ngandika,
bilih panjenenganipun boten dipun tegakaken
wonten ing jagadipun tiyang pejah, saha bilih
sariranipun boten badhe risak. 32 Inggih Gusti
Yesus punika ingkang kawungokaken dening
Gusti Allah, saha bab punika kula sadaya
ingkang sami dados seksinipun. 33 Punapadene
sareng Panjenenganipun sampun jinunjung
dening astanipun tengen Gusti Allah tuwin
tampi Roh Suci ingkang kaprasetyakaken
punika, Panjenenganipun lajeng ngesokaken
punapa ingkang sampun panjenengan
uningani saha panjenengan pireng wonten ing
ngriki. 34 Amargi sanes Sang Prabu Dawud
ingkang minggah dhateng swarga, malah Sang
Prabu Dawud piyambak ngandika makaten:

Pangeran wus ngandika marang Gustiku:
35 Sira lenggaha ing satengeningSun,
nganti tumeka mungsuhira kabeh wus

padha Sundadekake ancik-anciking
tlapakanira.
36 Awit saking punika rakyat Israel sadaya
kedah mangretos kalayan saestu, bilih Gusti
Allah sampun njumenengaken Gusti Yesus
ingkang panjenengan salib punika, dados
Gusti lan Kristus."

Tumangkare Pasamuwan

2:37-41

37 Bareng wong-wong padha krungu
pangandika mangkono mau, atine trenyuh,
banjur padha matur pitakon marang Rasul
Petrus lan para rasul liyane: "Para sadherek,
punapa ingkang kedah sami kula lampahi?"
38 Wangsulane Rasul Petrus: "Kula aturi
sami mratobat sarta panjenengan piyambak-
piyambak sami kabaptisa ing asmanipun Gusti
Yesus Kristus, amrih angsala pangapuntening
dosa panjenengan, satemah panjenengan
sami badhe nampeni peparing Roh Suci.
39 Awitdene ingkang kaparingan prajanji
punika panjenengan sadaya saha para putra
panjenengan tuwin tiyang-tiyang ingkang
taksih tebih sadaya, sapinten ingkang badhe
tinimbalan dening Pangeran Allah kita."
40 Tuwin kalawan pangandika-pangandika
liyane akeh maneh panjenengane paring
paseksen kang sanyata marang wong-wong
kabeh iku sarta padha diparingi pitutur,
pangandikane: "Sami kula aturi sumingkir
saking jinis ingkang kablinger punika."

41 Wong-wong kang nampani pangandikane,
padha kababtis. Ing dina iku cacahe siswa
wuwuh watara telung ewu.

Kaanane pasamuwan wiwitan

2:42-47

42 Wong-wong mau padha ngantepi ing
piwulange para rasul lan anggone tetunggalan
sarta padha tansah nglumpuk, prelu
nyuwil-nyuwil roti lan ndedonga.
43 Wong kabeh padha kadunungan rasa
wedi, dene para rasul iku padha nganakake
mukjijat lan pratandha akeh. 44 Sarta kabeh
wong kang pracaya padha lestari manunggal,
kabeh barang darbeke padha dianggep
duweke wong akeh. 45 Apadene tansah ana
panunggalane kang ngedol barang darbeke,
banjur diedum-edumake marang wong kabeh,
mawa-mawa kabutuhane. 46 Sadina-dina
tansah padha nglumpuk ana ing Padaleman
Suci kalawan tegen sarta saiyeg. Padha
nyuwil-nyuwil roti ana ing omahe giliran,
padha mangan bebarengan kalawan bungah
lan ati kang tulus, 47 kambi memuji marang
Gusti Allah, apadene padha disenengi ing
wong sabangsa kabeh. Sarta maneh ing saben
dinane cacahe diwuwuhi dening Gusti wong
kang padha kapitulungan rahayu.

Wong lumpuh kawarasake

3:1-10

3 [1] Ing sawijining dina, ngarepake wektu
sembahyang, yaiku jam telu awan, Rasul
Petrus lan Rasul Yokanan padha minggah
menyang ing Padaleman Suci. [2] Ing kono ana
wong lumpuh lair mula, mulane saben dina
digendhong lan diselehake ing sacedhake
gapuraning Padaleman Suci kang aran Gapura
Endah, supaya ngemis marang wong kang
padha lumebu menyang ing Padaleman Suci.
[3] Bareng wong mau weruh Rasul Petrus lan
Rasul Yokanan arep lumebet menyang ing
Padaleman Suci, banjur nyuwun peparing.
[4] Karone padha mirsani wong iku sarta Rasul
Petrus tumuli ngandika: "Aku ingetna." [5] Wong
mau iya banjur mandeng marang karone
kanthi pangarep-arep bakal kaparingan
apa-apa. [6] Nanging Rasul Petrus nuli ngandika:
"Emas lan salaka aku ora duwe, nanging
kang aku duwe, kowe dakwenehi: Atas
asmane Gusti Yesus Kristus saka ing Nasaret,
lumakua!" [7] Panjenengane banjur ngasta
tangane tengen wong mau, nulungi anggone
ngadeg. Sanalika iku uga sikile lan poloke
wong mau dadi kukuh, [8] tumuli njumbul
ngadeg sarta mlaku-mlaku mrana-mrene sarta
banjur ndherek karone lumebu menyang ing
Padaleman Suci, kalawan lumaku lincak-lincak
sarta memuji marang Gusti Allah. [9] Rakyat
weruh kabeh anggone mlaku-mlaku kambi

memuji marang Gusti Allah iku [10] sarta iya banjur padha ora pangling, yen wong iku kang adate lungguh ngemis ana ing Gapura Endah ing Padaleman Suci, satemah padha kaeraman lan kegawokan marang apa kang wus kalakon mungguh ing wong mau.

Kotbahe Rasul Petrus ana ing Srambi Suleman

3:11-26

[11] Sarehne wong iku tansah ngetutake marang Rasul Petrus lan Rasul Yokanan, mulane wong akeh kang padha kaeraman banget iku kabeh padha teka ngrubung ana ing srambi kang aran Srambi Suleman. [12] Bareng Rasul Petrus mirsa wong akeh iku, banjur ngandika: “Para sadherek Israel, punapaa dene panjenengan sadaya sami gumun dhateng lelampahan punika saha punapa sababipun dene penjenengan sami mirsani dhateng kula, kados-kados kula ingkang murugaken tiyang punika saged lumampah, margi saking panguwaos utawi kamursidan kula piyambak? [13] Gusti Allahipun Rama Abraham, Iskak lan Yakub, Gusti Allahipun leluhur kita sampun ngluhuraken Abdinipun, inggih punika Gusti Yesus ingkang panjenengan ulungaken saha panjenengan tampik wonten ing ngarsanipun Sang Pilatus, sanadyan Sang Pilatus nggalih, bilih Panjenenganipun kedah dipun luwari. [14] Nanging panjenengan sampun nampik Ingkang Suci saha leres,

sarta ngarsakaken tiyang ingkang damel
pepejah, supados kaparingaken dhateng
panjenengan. [15] Margi saking makaten punika,
dados panjenengan nyedani Panjenenganipun
ingkang dados Panuntuning gesang, nanging
lajeng sampun kawungokaken dening Gusti
Allah saking antawisipun tiyang pejah; saha
tumrap bab punika kula ingkang sami dados
seksinipun. [16] Punapa dene margi saking
pitados dhateng Asma Yesus punika, mila
Asma punika sampun kelampahan ngiyataken
tiyang ingkang panjenengan pirsani saha
ingkang panjenengan sampun tepang punika;
sarta kapitadosan punika ingkang njalari
sarasipun tiyang punika wonten ing ngarsa
panjenengan sadaya. [17] Para sadherek, kula
mangretos, bilih anggen panjenengan sami
tumindak makaten punika, amargi saking
kiranging pangretosan, sami kados para
pangageng panjenengan sadaya. [18] Nanging
kanthi patrap makaten Gusti Allah sampun
kelampahan nuhoni punapa ingkang kala
rumiyin kapangandikakaken lumantar para
nabinipun, inggih punika bilih Sang Mesih
ingkang kautus punika kedah nandhang
sangsara. [19] Awit saking punika sami kula
aturi enget saha sami mratobata, supados
dosa panjenengan kaapunten, [20] supados
Pangeran lajeng ndhatengakaken mangsa
ingkang ludhang saha ngutus Gusti Yesus,
ingkang wiwit sakawit sampun katamtokaken
dados Kristus kagem panjenengan sadaya.
[21] Sang Kristus punika kedah wonten ing

swarga ngantos dumugi ing titimangsa
pulihipun samukawis sadaya, kadosdene
ingkang sampun dipun pangandikakaken
dening Gusti Allah lumantar para nabinipun
ingkang suci nalika jaman rumiyin. [22] Rak
sampun dipun pangandikakaken dening Nabi
Musa: Gusti Allah bakal nangekake nabi saka
ing antarane para sadulurmu, padha kayadene
aku. Yaiku kang kudu kokrungokake apa
kang bakal dipangandikakake marang kowe.
[23] Sarta bakal kalakon, kabeh wong kang ora
ngrungokake nabi iku, bakal katumpes saka
ing antarane umat kita. [24] Punapa dene sadaya
nabi ingkang nate nglairaken pangandika,
wiwit Nabi Samuel saha sasampunipun
panjenenganipun, sampun sami meca bab
jaman punika. [25] Inggih panjenengan sadaya
punika ingkang maris pameca-pameca punika
saha angsal bagean tumrap ing prajanjian
ingkang dipun wontenaken dening Gusti Allah
kalayan leluhur kita, inggih punika nalika
Panjenenganipun ngandika dhateng Rama
Abraham: Marga saka turunira, kabeh bangsa
salumahing bumi bakal kabarkahan. [26] Lan
ingkang rumiyin inggih kagem panjenengan
sadaya punika anggenipun Gusti Allah
njumenengaken Abdinipun saha ngutus
Panjenenganipun nuweni panjenengan sadaya,
supados panjenengan sami kabarkahan saha
nuntun panjenengan piyambak-piyambak
saking piawon panjenengan.”

Rasul Petrus lan Rasul Yokanan padha kacepeng. Pasamuwan mundhak tumangkar maneh

4:1-4

4 [1] Nalika Rasul Petrus lan Rasul Yokanan
lagi mangandikani wong akeh, dumadakan
padha katekanan para imam lan lelurahe
jaga baya Padaleman Suci sarta para wong
Saduki. [2] Wong-wong iku padha nepsu banget,
jalaran karone padha mulang marang wong
akeh sarta wewarta, yen ana ing Gusti Yesus
ana patangen saka ing antarane wong mati.
[3] Banjur padha dicepeng lan ditahan nganti
dina candhake, amarga wayahe wis sore.
[4] Nanging wong kang padha ngrungokake
piwulange mau akeh kang manjing pracaya,
temahan cacahe wong lanang kira-kira dadi
limang ewu.

Rasul Petrus lan Rasul Yokanan ana ing ngarsane Pradata Agama

4:5-22

[5] Kacarita esuke para pangarepe wong Yahudi
lan para pinituwa sarta para ahli Toret padha
nganakake parepatan ana ing Yerusalem [6] karo
Imam Agung Hanas lan Kayafas, Yokanan
lan Aleksandher apadene kabeh wong, kang
kagolong trah Imam Agung. [7] Rasul Petrus
lan Rasul Yokanan banjur diladekake marang
ngarsaning parepatan tuwin wiwit dipriksa

kalawan didangu mangkene: "Panggawemu
kang mangkono mau kalawan panguwasa
apa lan atas jenenge sapa?" 8 Rasul Petrus,
kapenuhan ing Sang Roh Suci, tumuli matur:
"Kula nuwun, para pangajenging bangsa
saha para pinisepuh, 9 sarehning sapunika
kula sami kapriksa bab pandamel sae
dhateng tiyang sakit saha kedah nerangaken
kalayan panguwaos ingkang pundi tiyang
punika anggenipun kasarasaken, 10 pramila
panjenengan sadaya dalah sabangsa Israel
sami kula aturi uninga, bilih punika margi
saking asmanipun Gusti Yesus Kristus saking
Nasaret, ingkang sampun panjenengan salib,
nanging ingkang sampun kawungokaken
saking antawisipun tiyang pejah dening Gusti
Allah -- inggih margi saking Gusti Yesus
punika tiyang punika saged ngadeg, pinanggih
sampun saras wonten ing ngarsa panjenengan
sapunika. 11 Gusti Yesus punika

sela ingkang kabucal dening para juru yasa
padaleman
-- inggih punika panjenengan piyambak --
ewadene sampun dados selaning pepojok.

12 Kaliyan malih boten wonten karahayon
wonten ing sintena kemawon, kajawi wonten
ing Panjenenganipun, amargi ing sakurebing
langit punika boten wonten asma sanesipun
ingkang kaparingaken dhateng manungsa,
ingkang dados margining karahayon kita."
13 Bareng parepatan nguningani kakendelane
Rasul Petrus lan Rasul Yokanan mangka mirsa,
yen karone iku wong lumrah lan dudu wong

pasinaon, banjur padha kaeraman, sarta
padha ora pangling, yen loro-lorone iku padha
dadi pandhereke Gusti Yesus. 14 Nanging
sarehne padha mirsani wong kang diwarasake
iku ngadeg ana ing sandhinge para rasul, dadi
ora bisa mabeni apa-apa. 15 Para rasul tumuli
didhawuhi metu saka ing papan parepatan,
pradata banjur pirembagan, 16 pangandikane:
“Tiyang punika kedah kita punapakaken?
Awit sampun nyata, tumrap sadaya tiyang
ingkang manggen ing kitha Yerusalem, bilih
kekalihipun sami ngawontenaken satunggaling
mukjijat ingkang nyolok, ingkang boten saged
kita selaki. 17 Namung kemawon supados bab
punika sampun ngantos saya sumebar wonten
ing satengahing tiyang kathah, prayoginipun
tiyang kalih punika kita ancam saha kita awisi,
supados sampun ngantos pirembagan malih
kaliyan sintena kemawon atas asma punika.”
18 Bareng karone wis didhawuhi lumebu, padha
didhawuhi supaya babar pisan aja rembugan
utawa memulang maneh kalawan asmane
Gusti Yesus. 19 Nanging Rasul Petrus lan Rasul
Yokanan padha mangsuli: “Panjenengan kula
aturi nggalih piyambak, pundi ingkang leres
wonten ing ngarsaning Allah: nurut dhateng
panjenengan sadaya punapa dhateng Gusti
Allah. 20 Amargi tumrap kula sadaya boten
saged kendel anggen kula sami pirembagan
bab punapa ingkang sampun sami kula tingali
sarta ingkang sampun sami kula pireng.”
21 Pradata saya banget anggone ngancam
marang para rasul mau, nanging wekasan iya

banjur padha dililani mundur, sabab parepatan ora manggih bab kang kena diagem ngukum, amarga ajrih marang wong akeh, kang padha ngluhurake asmane Gusti Allah, awit saka
anane bab kang mentas kalakon.
22 Jalaran wong kang kawaluyakake dening mukjijat iku umure wis luwih saka patang puluh taun.

Pandongane pasamuwan

4:23-31

23 Sawise kaluwaran Rasul Petrus lan Rasul Yokanan banjur tindak menyang ing panggonane mitra-mitrane sarta banjur nyariyosake bab apa kang wis didhawuhake dening para pangareping imam lan para
pinituwa.
24 Bareng para mitrane krungu bab iku, banjur padha bebarengan nyebut marang Gusti Allah, unjuke: "Dhuh Pangeran, Paduka ingkang nitahaken langit, bumi, saganten
tuwin saisinipun sadaya,
25 sarta ingkang sampun ngandika kanthi pakaryaning Sang Roh Suci lumantar abdi Paduka Prabu Dawud, leluhur kawula sadaya, makaten:

Yagene para bangsa padha waringuten,
lan para suku-bangsane padha ngangen-angen prakara kang tanpa guna?
26 Para raja ing donya padha siyaga lan para panggedhe padha nglumpuk arep lumawan marang Pangeran lan marang Jebadane.

27 Awitdene sayektosipun Sang Prabu Herodhes saha Sang Pontius Pilatus, kaliyan

para bangsa tuwin suku-bangsa Israel sampun
sami nglempak wonten ing kitha ngriki,
sumedya ngayoni Gusti Yesus, Abdi Paduka
ingkang suci, ingkang Paduka jebadi [28] sami
nglampahi sadaya ingkang sampun Paduka
tamtokaken wiwit sakawit kanthi panguwaos
saha margi saking karsa Paduka. [29] Dene
sapunika, dhuh Pangeran, Paduka mugi karsaa
nguningani ing pangancamipun dhateng
kawula sadaya, saha para abdi Paduka
mugi sami kaparingana kekendelan ing bab
martosaken pangandika Paduka. [30] Mugi
Paduka karsaa mulungaken asta Paduka,
ingkang ndhatengaken kasarasan, punapa
dene ngawontenaken pratandha-pratandha
saha mukjijat-mukjijat kalayan asmanipun
Gusti Yesus, Abdi Paduka ingkang suci."
[31] Nalika padha ndedonga iku, panggonane
kumpulan banjur gonjing, sarta kabeh padha
kapenuhan ing Roh Suci, tuwin tumuli padha
martakake pangandikaning Allah kalawan
kendel.

Pitepungane para warganing pasamuwan

4:32-37

[32] Anadene sagolonganing wong kang wis
pracaya iku padha tunggal ati lan tunggal budi,
lan ora ana wong siji-sijia kang rumangsa,
yen barang kang kadarbe iku duweke dhewe,
nanging samubarang kabeh padha dianggep
dadi duweking ngakeh. [33] Sabanjure para rasul
anggone nekseni bab wungune Gusti Yesus

kalawan panguwasa kang gedhe sarta kabeh
padha kaluberan ing sih-rahmat. [34] Sabab ora
ana wong siji-sijia ing panunggalane kang
kekurangan, amarga kabeh wong kang duwe
palemahan utawa omah, iku padha diedol,
pepayone digawa [35] diladekake marang ing
ngarsane para rasul, banjur diedum-edum
marang saben wong, manut kabutuhane.
[36] Samono uga Yusuf, kang diparabi Barnabas
dening para rasul tegese anaking panglipur,
wong Lewi saka ing pulo Siprus. [37] Iku duwe
pategalan, diedol, dhuwit pepayone banjur
digawa kaladekake marang ing ngarsane para
rasul.

Ananias lan Safira

5:1-11

5 [1] Ana wong liyane, jenenge Ananias karo
bojone aran Safira, adol palemahan.
[2] Kanthi sarujuke bojone dheweke ngunthet
saperangane pepayone iku, dene liyane banjur
digawa diladekake marang ing ngarsane
para rasul. [3] Nanging Rasul Petrus ngandika:
"Ananias, yagene atimu kaejegan dening
Iblis, kongsi kowe nggorohi Sang Roh Suci
sarta ngunthet saperangane pepayoning
palemahan iku? [4] Saupama palemahan iku
ora diedol, apa iku ora tetep dadi duwekmu,
lan sawise diedol, apa pepayone iku ora tetep
kokkuwasani? Yagene kowe kok ngrancang
pratingkah mangkono ana ing atimu? Dudu
manungsa kang kokgorohi, nanging Gusti

Allah.” 5 Bareng Ananias krungu pangandika
mangkono iku, banjur ambruk apegat nyawa,
temah wong kabeh kang krungu bab iku padha
wedi banget. 6 Para nonoman tumuli padha
teka, ngulesi mayite, banjur digotong metu
sarta dikubur.
7 Sawise watara telung jam bojone Ananias
lumebu, nanging ora sumurup apa kang
mentas kalakon. 8 Rasul Petrus ngandika
marang dheweke: “Aku kandhanana,
apa palemahane kokedol kalawan rega
samono?” Wangsulane wong wadon iku:
“Inggih samanten.” 9 Pangandikane Rasul
Petrus: “Yagene kowe sakloron padha ayon
nyoba marang Rohing Pangeran? Delengen,
wong-wong sing mentas ngubur bojomu
padha ngadeg ana ing ngarep lawang, iku uga
bakal nggotong kowe metu.” 10 Wong wadon
iku banjur ambruk sanalika iku uga ana ing
ngarsane Rasul Petrus lan apegat nyawa.
Nalika para nonoman padha lumebu, dheweke
tinemu wis mati, banjur digotong metu
lan dikubur sandhing sing lanang. 11 Wong
sapasamuwan kabeh sarta wong kang krungu
bab iku padha banget wedine.

Para rasul padha nindakake pratandha lan kaelokan, temah pasamuwan saya mekar

5:12-16

12 Anadene para rasul padha nganakake
pratandha lan mukjijat akeh ana ing antarane
wong akeh. Kabeh wong kang padha pracaya

tansah padha nglumpuk ana ing Bangsal
Suleman ing sajrone patunggalan kang
raket. [13] Wong-wong liyane ora ana kang
wani ngemori, nanging wong akeh padha
banget anggone ngajeni marang para
rasul. [14] Karodene cacahe wong kang padha
pracaya marang Gusti saya wuwuh-wuwuh,
lanang lan wadon, [15] malah padha nggawa
wong-wong kang lara menyang ing dalan
gedhe, kaselehake ing amben utawa kasur,
supaya manawa Rasul Petrus langkung,
saora-orane katiban wayangane. [16] Dalah saka
ing kutha-kutha ing sakubenging Yerusalem
padha teka gumrudug nggawa wong kang
padha lara utawa kang padha kabidhung ing
roh reged. Kabeh padha kawaluyakake.

Para rasul padha kacepeng, nanging banjur kaluwaran dening malaekat

5:17-25

[17] Wasana, marga saka bangeting drengkine,
Imam Agung lan para pandhereke, yaiku
wong-wong saka golongan Saduki, padha
tumandang. [18] Para rasul padha dicepeng lan
dilebetake ing pakunjaran kutha. [19] Nanging
bareng bengi ana malaekate Pangeran kang
ngengakake lawang-lawange pakunjaran
mau lan banjur ngirid metu para rasul, sarta
ngandika: [20] "Padha menyanga ing Padaleman
Suci, ngadega lan nggelarna sakabehe
pangandikaning urip iku marang wong akeh."

21 Para rasul padha mbangun miturut marang
piweling mau sarta bareng bangun esuk,
padha lumebet ing Padaleman Suci lan banjur
wiwit memulang ana ing kono. Nalika samana
Imam Agung lan para pandhereke dhawuh
marang Pradata Agama supaya marepat,
yaiku pakumpulane para pinituwaning bangsa
Israel, sarta banjur dhawuh marani para rasul
menyang ing pakunjaran. 22 Nanging bareng
para abdi tekan ing pakunjaran, para rasul ora
ketemu ana ing kono. Banjur padha bali ngaturi
uninga, 23 ature: “Wau pakunjaran pinanggih
taksih kuncen kekah, sarta sadaya tiyang jagi
wonten ing papan panjagenipun ing ngajeng
kori, nanging sareng kula wengakaken, ing
nglebet pinanggih boten wonten tiyangipun
satunggal-tunggala.” 24 Bareng lelurahe
Padaleman Suci lan para pangareping imam
krungu katrangan mangkono iku, padha kuwur
atine, baya kapriye bakal kadadeane kang
mangkono iku. 25 Nanging banjur ana wong
teka kang pratela: “Kauningana, tiyang-tiyang
ingkang sampun panjenengan lebetaken ing
pakunjaran punika wonten ing Padaleman Suci
memulang dhateng tiyang kathah.”

Para rasul ana ing ngarsane Pradata Agama.

Pamrayogane Sang Gamaliel

5:26-42

[26] Lurah jagabaya lan para punggawane
banjur padha menyang ing Padaleman
Suci, nyepeng para rasul, nanging ora
kanthi roda-peksa, jalaran wedi, manawa
dibenturi watu wong akeh. [27] Karone diirid
lan diajokake marang ing ngarsane Pradata
Agama. Imam Agung nuli wiwit ndangu,
[28] pangandikane: "Kowe rak wis padha
dakwanti-wanti aja memulang atas Jeneng
kuwi? Nanging nyatane, kutha Yerusalem wis
kokkebaki piwulangmu, lan kowe sumedya
nekakake walate getihe Wong iku marang
aku." [29] Rasul Petrus lan para rasul banjur
padha mangsuli, ature: "Kita kedah langkung
mbangun turut dhumateng Gusti Allah
katimbang dhateng manungsa. [30] Allahipun
leluhur kita sampun ngwungokaken Gusti
Yesus, ingkang sampun panjenengan gantung
ing kajeng salib saha panjenengan sedani.
[31] Inggih Panjenenganipun punika ingkang
sampun sinengkakaken ing ngaluhur dening
Gusti Allah piyambak kalayan astanipun
ingkang tengen, kajumenengaken dados
Panuntun tuwin Juru-wilujeng, supados Israel
saged mratobat saha tampi pangapuntening
dosa. [32] Wondene kula ingkang sami dados

seksinipun prakawis punika sadaya, kula
sadaya saha Sang Roh Suci, ingkang sampun
kaparingaken dening Gusti Allah dhateng
sadaya tiyang ingkang mbangun miturut
dhumateng ing Panjenenganipun.” 33 Mireng
atur mangkono iku, kabeh padha rumangsa
kecocog panggalihe sarta banjur padha
ngangkah nyedani para rasul.
34 Nanging ana sawijining priyayi Farisi,
asma Gamaliel, ahli Toret kang kajen banget
ana ing antarane wong akeh, kang nuli
jumeneng sarta mundhut, supaya para rasul
padha didhawuhana metu sadhela. 35 Sawise
mangkono banjur ngandika: “Para sadherek
Israel, kula aturi sami nggalih-nggalih
saestu, punapa ingkang badhe panjenengan
tandukaken dhateng tiyang-tiyang punika!
36 Amargi kala rumiyin sampun muncul pun
Teudas, ingkang ngaken tiyang linangkung
saha ingkang gadhah bala kirang langkung
tiyang kawan atus; nanging piyambakipun
lajeng dipun pejahi, para panganutipun sadaya
sami buyar saha sirna. 37 Sesampunipun
piyambakipun, nalika dipun wontenaken
cacah-jiwa, pun Yudas muncul, tiyang
Galilea. Kathah tiyang ingkang kasered ing
pambalilanipun, nanging piyambakipun inggih
tiwas, sadaya panganutipun sami buyar.
38 Awit saking punika atur kula dhateng
panjenengan sadaya: Sampun tumindak
punapa-punapa tumrap tiyang-tiyang punika.
Sami kaetogna kemawon, awit manawi
kakajengan saha pandamelipun punika

asalipun saking manungsa, tamtu badhe
sirna, [39] nanging manawi asalipun saking
Gusti Allah, panjenengan sadaya boten badhe
saged nyirnakaken tiyang-tiyang punika;
bokmanawi mangke badhe kabukten ugi, bilih
panjenengan sami lumawan dhumateng Gusti
Allah." Pamrayoga iku diturut. [40] Para rasul
padha ditimbali lan disapu sarta dilarang, ora
kena memulang atas Asmane Yesus. Sawise
mangkono padha kelilan mundur.
[41] Para rasul padha mundur saka ing ngarsane
Pradata Agama kalawan bungah, jalaran wus
padha kaanggep pantes nandhang kawirangan
marga saka Asma Yesus. [42] Sarta saben dina
padha mbacutake anggone memulang ana ing
Padaleman Suci lan ana ing omah-omah tuwin
martakake Injil, kang mratelakake, yen Sang
Kristus iku Gusti Yesus.

Pasamuwan saya mekar.

Milih wong pitu kadadekake juru-pamulasara

6:1-7

6 [1] Ing nalika iku, bareng cacahe para siswa
saya wuwuh, tumuli thukul pangumel-umel
ing antarane wong-wong Yahudi kang basane
Yunani marang wong-wong Ibrani, amarga
anggone nyadhongi para randhane ing paladen
saben dinane kalirwakake. [2] Mulane rasul
rolas banjur nimbali kabeh para siswa, padha
diklumpukake lan dipangandikani: "Aku padha

rumangsa ora marem, dene marga saka leladi
mangan banjur nglirwakake pangandikaning
Allah. 3 Mulane, para sadulur, padha miliha
wong pitu saka ing antaramu, kang wus
katitik becik, lan kapenuhan ing Roh sarta
kawicaksanan, supaya kenaa dakangkat
kanggo bubuhan iku 4 satemah aku kabeh
bisa ngelengake pikiran ana ing pandonga lan
ing ayahaning pangandika.” 5 Usul iku diturut
dening wong sapasamuwan kabeh, banjur
milih Stefanus, wong kang kapenuhan ing
pracaya lan Roh Suci, sarta Filipus, Prokhorus,
Nikanor, Timon, Parmenas, tuwin Nikolaus,
wong kang ngrasuk agama Yahudi saka ing
Antiokhia. 6 Wong iku padha diajokake marang
ing ngarsane para rasul, kang banjur padha
ndongakake sarta numpangi asta.
7 Pangandikaning Allah saya sumebar, sarta
cacahe siswa ing Yerusalem saya mundhak
akeh. Dalah para imam akeh kang padha
manut lan manjing pracaya.

Sang Stefanus kacepeng lan kagugat

6:8-15

8 Anadene Sang Stefanus iku penuh ing
rahmat lan panguwasa, nganakake mukjijat-
mukjijat lan pratandha-pratandha ana ing
antarane wong akeh. 9 Nanging banjur ana
wong sawatara saka pasamuwan Yahudi, kang
kaaranan pasamuwane wong Libertini -- para
wargane pasamuwan iku wong saka ing kutha
Kirene lan kutha Aleksandria -- bebarengan

karo wong Yahudi sawatara saka ing tanah
Kilikia lan tanah Asia, kang padha bebantahan
karo Sang Stefanus, [10] nanging padha ora
bisa nglawan kawicaksanane sarta Sang
Roh Suci, kang nuntun pamicarane. [11] Nuli
padha ngojok-ojoki wong sawatara supaya
padha duwea atur mangkene: “Kula sampun
sami mireng piyambakipun nyenyamah
dhumateng Nabi Musa saha Gusti Allah.”
[12] Kanthi patrap mangkono wong-wong mau
padha nggegerake wong akeh lan para
pinituwa tuwin para ahli Toret; tumuli padha
ngebyuk marang Sang Stefanus, diglandhang
diladekake marang ing ngarsane Pradata
Agama, [13] sarta banjur ngajokake seksi-seksi
palsu kang padha matur mangkene: “Tiyang
punika boten kendel-kendel anggenipun
nglairaken pitembungan ingkang nyenyamah
dhateng panggenan suci punika saha dhateng
angger-anggering Toret, [14] amargi kula
sampun sami mireng wicantenipun, bilih
Yesus, tiyang Nasaret punika badhe mbibrah
panggenan punika tuwin badhe nyantuni
adat-tata-cara peparingipun Nabi Musa
dhateng kita.” [15] Kabeh kang padha lenggah
ing Pradata Agama padha ngawasake marang
Sang Stefanus, banjur padha mirsa pasuryane
Sang Stefanus kaya pasuryaning malaekat.

Sang Stefanus ana ing ngarsane Pradata Agama, ngaturake panjawab

7:1-53

7 1 Imam Agung tumuli ngandika: "Apa iya
bener mangkono?" 2 Atur wangsulane
Sang Stefanus: "Para sadherek saha para
bapa, sumangga sami karsaa midhangetaken.
Gusti Allah ingkang Mahamulya sampun
ngatingal dhateng leluhur kita Rama Abraham
nalika taksih wonten ing tanah Mesopotamia,
saderengipun dedalem wonten ing Haran,
3 saha mangandikani makaten: Sira lungaa
saka ing tanahira lan saka ing sanak sadulurira
sarta menyanga ing tanah, kang bakal
Suntedahake marang sira. 4 Panjenenganipun
lajeng linggar saking tanahipun tiyang
Kasdim, saha dedalem wonten ing kitha
Haran. Sasedanipun ingkang rama, lajeng
kadhawuhan dening Gusti Allah pindhah saking
ngriku dhateng ing tanah ngriki, ingkang
sami panjenengan dalemi sapunika. 5 Wonten
ing ngriku Gusti Allah boten maringi warisan
dhateng panjenenganipun, malah siti sapecak
kemawon boten, nanging paring prajanji,
badhe maringaken tanah punika dados
kagunganipun turun-tumurun sanadyan kala
samanten dereng peputra. 6 Saha Gusti Allah
nunten ngandika, bilih tedhak turunipun badhe
dados tiyang neneka wonten ing nagari manca
punapa malih badhe kadadosaken rencang
tumbasan sarta dipun kaniaya laminipun

kawan atus taun. [7] Nanging bangsa kang bakal
dikawulani iku -- makaten pangandikanipun
Gusti Allah -- bakal Sunadili, lan sawise iku,
bakal padha metu saka ing kono tuwin bakal
ngabekti marang Ingsun ana ing panggonan
kene. [8] Gusti Allah lajeng maringi prajanjian
tetak dhateng panjenengaipun, sarta makaten
anggenipun Rama Abraham peputra Iskak,
ingkang nunten dipun supiti ing wolung
dintenipun. Dene Rama Iskak nurunaken
Rama Yakub, tuwin Rama Yakub nurunaken
bapa-lajer leluhur kita kalih welas.

[9] Margi saking drengkinipun, para bapa-lajer
kita wau lajeng nyade Yusuf dhateng ing tanah
Mesir, nanging Gusti Allah nunggil kaliyan
piyambakipun, [10] sarta dipun luwari saking
sakathahing sangsaranipun saha kaparingan
sih-rahmat tuwin kawicaksanan, nalika
wonten ing ngarsanipun Sang Prabu Pringon,
nata ing Mesir, lajeng kawisudha dening
Sang Prabu Pringon dados ingkang ngasta
panguwaos tumrap ing tanah Mesir tuwin
tumrap kratonipun sadaya. [11] Ing saindenging
tanah Mesir lan ing tanah Kanaan lajeng
kedhatengan bebaya pailan saha kasisahan
ageng, ngantos leluhur kita boten saged
angsal tedha. [12] Nanging sareng Rama Yakub
midhanget, bilih ing tanah Mesir wonten
gandum, lajeng utusan para leluhur kita
mrika. Punika ingkang kapisan. [13] Sareng
lampahipun ingkang kaping kalih, Sang Yusuf
waleh dhateng para sadherekipun, satemah
asal-usulipun Sang Yusuf lajeng kauningan

dening Sang Pringon. [14] Sang Yusuf lajeng
utusan mboyongi ingkang rama Yakub saha
sadaya sanak sadherekipun, cacah jiwa
wonten pitung dasa gangsal. [15] Rama Yakub
lajeng tindak dhateng Mesir, wasana seda
dalah leluhur kita. [16] Layonipun sami kabekta
dhateng ing kitha Sikhem, kasarekaken
wonten ing pasarean, ingkang sampun dipun
pundhut dening Rama Abraham kalayan arta
salaka saking para putranipun Sang Hemor ing
Sikhem. [17] Nanging saya celak kalampahaning
prajanji ingkang dipun paringaken dening
Gusti Allah dhateng Rama Abraham, bangsa
wau saya mindhak kathah wonten ing
Mesir, [18] ngantos wonten ratu sanes ingkang
ngasta peprentahan ing tanah Mesir, ingkang
boten ngretos bab Yusuf. [19] Ratu punika
ngempakakaken paekan dhateng bangsa kita,
para leluhur kita dipun siya-siya saha dipun
purih mbucali bayi-bayinipun, supados bangsa
kita punika sampun ngantos tumangkar. [20] Kala
samanten punika Nabi Musa miyos, rupinipun
bagus saha dados keparenging Allah, lajeng
kagulawenthah wonten ing dalemipun ingkang
rama tigang wulan laminipun. [21] Lajeng
kabucal, nanging tumunten kapupu dening
putranipun putri Sang Prabu Pringon, ingkang
dhawuh nggulawenthah kados putranipun
piyambak. [22] Nabi Musa nunten kawulang
ing bab kasagedanipun tiyang Mesir sadaya,
satemah lajeng kadunungan kalangkungan
micara saha ing pandamel.

[23] Sareng sampun yuswa kawan dasa taun,
panjenenganipun kagungan karsa badhe
nuweni para kadangipun inggih punika tiyang
Israel. [24] Nalika punika panjenenganipun
mirsa tiyang dipun kaniaya dening tiyang
Mesir, nunten dipun pitulungi saha dipun
belani, tiyang Mesir wau dipun pejahi.
[25] Pangintenipun, para kadangipun badhe
mangretos, bilih panjenenganipun dipun agem
dening Gusti Allah ngluwari piyambakipun
sadaya, nanging sami boten mangretos.
[26] Enjingipun panjenenganipun rawuh malih,
kapinujon wonten tiyang Israel kalih ingkang
saweg kekerengan, tumunten mbudidaya
badhe ngrukunaken, pangandikanipun:
Para sadulur, kowe iku rak padha sadulur?
Yagene kok padha siya-siniya? [27] Nanging
tiyang ingkang daksiya dhateng kancanipun
punika lajeng mabeni Nabi Musa, aturipun:
[28] Sinten ingkang ngangkat panjenengan
dados pangageng saha jeksa kula? Punapa
panjenengan kagungan karsa badhe mejahi
kula, kadosdene anggen panjenengan mejahi
tiyang Mesir kala wingi punika? [29] Sareng
midhanget atur makaten punika, Nabi Musa
lajeng lolos saha dados tiyang neneka wonten
ing tanah Midian. Wonten ing ngriku peputra
kakung kalih.

[30] Sareng sampun kawan dasa taun, lajeng
wonten satunggaling malaekat ingkang
ngatingal dhateng ing panjenenganipun
wonten ing ara-ara samun ing redi Sinai,
wonten ing salebeting latu murub ing grumbul

eri. [31] Nabi Musa eram mirsani tetingalan
punika, saha sareng nyelak badhe niti-priksa,
nunten midhanget swaraning Pangeran
makaten: [32] Ingsun iki Allahe leluhurira,
Allahe Abraham, Iskak lan Yakub. Nabi Musa
satemah gumeter saha ajrih mirsani. [33] Lajeng
dipun pangandikani dening Pangeran: Uculana
trumpahing sikilira, amarga panggonan
kang sira idak iku bumi kang suci. [34] Ingsun
wus nggatosake kalawan temenan marang
kasangsaraning umatingSun kang ana ing
tanah Mesir, sarta wus miyarsakake ing
pasambate, tuwin Ingsun wus tumedhak bakal
ngluwari; mulane mrenea, sira bakal Sunutus
menyang ing tanah Mesir.

[35] Nabi Musa punika, ingkang sampun
dipun tampik dening tiyang-tiyang wau
kaliyan pangucapipun: Sinten ingkang
ngangkat panjenengan dados pangageng
saha jeksa? -- inggih Nabi Musa punika
ingkang kautus dening Gusti Allah dados
pangageng sarta juru pangluwaran, lumantar
malaekat, ingkang sampun ngatingal dhateng
ing panjenenganipun wonten ing grumbul
eri. [36] Inggih panjenenganipun punika
ingkang ngirid medal tiyang-tiyang wau
sarana nindakaken mukjijat-mukjijat tuwin
pratandha-pratandha wonten ing tanah Mesir,
wonten ing Saganten Abrit tuwin wonten ing
ara-ara-samun, ngantos kawan dasa taun
dangunipun. [37] Inggih Nabi Musa punika
ingkang ngandika dhateng tiyang-tiyang
Israel: Gusti Allah bakal ngadegake nabi

kaya aku iki kanggo ing kowe saka ing
antarane para sadulurmu. [38] Inggih Nabi
Musa punika ingkang dados pantawis wonten
ing salebeting pasamuwan wonten ing
ara-ara-samun ing antawisipun malaekat
ingkang nglairaken pangandika dhateng
panjenenganipun wonten ing redi Sinai kaliyan
leluhur kita, saha inggih panjenenganipun
ingkang tampi pangandika-pangandika
ingkang gesang, supados kaparingaken
dhateng panjenengan sadaya. [39] Nanging
leluhur kita boten sami mbangun-turut
dhateng panjenenganipun, malah dipun
tampik. Ing salebeting manah sami kapengin
wangsul dhateng ing tanah Mesir. [40] Dhateng
Sang Harun aturipun makaten: Kula
sadaya panjenengan damelaken allah-allah
sawatawis, ingkang badhe tindak wonten ing
sangajeng kula, amargi Nabi Musa ingkang
sampun nuntun kula sadaya medal saking
ing tanah Mesir -- kula sami boten sumerep
ing kadadosanipun. [41] Kala samanten lajeng
sami damel rerekan pedhet, sarta brahala
punika nunten dipun sajeni, saha lajeng sami
sukan-sukan ing bab punapa ingkang dipun
damel piyambak punika. [42] Gusti Allah lajeng
mengkeraken tiyang-tiyang wau saha dipun
umbar anggenipun sami nyembah dhateng ing
wadya-balaning langit, kados ingkang sampun
kaseratan wonten ing kitabipun para nabi
makaten:

Apa sira tau nyaosake kurban sembelehan
lan pisungsung marang Ingsun,

sajrone patang puluh taun ana ing
ara-ara-samun, heh turune Israel?
43 Ora tau, malah sira padha ngusung tarube
Molokh lan lintange dewa Refan,
reca-reca kang padha sira gawe sarta sira
dadekake sesembahan.
Mulane sira bakal Sunbuwang nganti tekan
ing sisih kananing tanah Babil.
44 Tarubing Paseksen wonten ing satengahing
leluhur kita wonten ing ara-ara-samun,
ingkang kayasa awit saking dhawuhipun Gusti
Allah dhateng Nabi Musa, miturut tuladha
ingkang sampun dipun tingali. 45 Tarub wau
tinampen dening leluhur kita sarta lajeng
kabekta lumebet dhateng ing tanah punika
kalayan katuntun dening Yusak, inggih
punika nalika tanah punika karebat saking
bangsa-bangsa sanes, ingkang kakesahaken
dening Gusti Allah saking sangajenging
leluhur kita; makaten ngantos dumugi
jamanipun Sang Prabu Dawud. 46 Sang
Prabu Dawud sampun tampi sih-rahmat
wonten ing ngarsanipun Gusti Allah saha
nyuwun, pinarengna ngadegaken satunggaling
padaleman kagem Allahipun Rama Yakub.
47 Nanging Sang Prabu Suleman ingkang yasa
padaleman kagem Gusti Allah. 48 Namung
kemawon Ingkang Mahaluhur boten dedalem
ing yeyasaning tanganipun manungsa, kados
ingkang kapangandikakaken dening nabi
makaten:
49 Langit iku dhamparingSun,

sarta bumi iku ancik-anciking
sampeyaningSun.
Padaleman apa kang bakal sira yasa kagem
Ingsun?
mangkono pangandikaning Pangeran, utawa
apa panggonan palerebaningSun?
50 Apa dudu astaningSun piyambak kang
yasa samubarang iki kabeh?
51 Heh, tiyang ingkang sami wangkot lan
ikutan ing manah sarta ing kuping, sampeyan
tansah sami nglawan Sang Roh Suci, sami
kados leluhur sampeyan, inggih makaten ugi
sampeyan sadaya. 52 Nabi-nabi punika pundi
ingkang boten dipun kaniaya dening leluhur
sampeyan. Malah sami mejahi tiyang-tiyang
ingkang langkung rumiyin memeca bab
rawuhipun Sang Sunyata, ingkang sapunika
sampun sampeyan cidra lan sampeyan
sedani. 53 sampeyan sampun sami tampi
angger-anggering Toret, ingkang dipun
paringaken lumantar para malaekat, nanging
sami boten sampeyan tetepi."

Sang Stefanus disedani

7:54--8:1a

54 Bareng para warganing Pradata Agama
mireng iku mau kabeh, padha rumaos kecocog
panggalihe sarta padha nglawan kalawan
kerot-kerot waja. 55 Nanging Sang Stefanus
kapenuhan ing Roh Suci, tumenga marang ing
langit, banjur mirsa kamulyaning Allah lan
Gusti Yesus jumeneng ing tengening Allah.

56 Nuli ngandika: "Sanyata, aku weruh langit
piyak lan Putraning Manungsa jumeneng
ing tengening Allah." 57 Wong-wong nuli
pada bengok-bengok nempuh marang Sang
Stefanus kalawan nutupi kupinge. 58 Banjur
diglandhang menyang ing sajabaning kutha,
lan dibenturi watu. Para seksi padha cucul
jubah ana ing ngarepe wong nom-noman kang
jenenge Saulus. 59 Sang Stefanus sajrone
dibenturi watu mau, ndedonga unjuke: "Dhuh
Gusti Yesus, mugi karsaa nampeni roh kawula.
60 Kalawan jengkeng nuli nguwuh seru: "Dhuh
Gusti, dosa punika mugi sampun Paduka
tempahaken dhateng tiyang-tiyang punika."
Sajrone munjuk mangkono iku banjur seda.
8 1 Saulus uga nyarujuki ing bab sedane
Sang Stefanus.

Pasamuwan ing Yerusalem wiwit dikaniaya

8:1b-3

(8-1b) Ing nalika iku pasamuwan ing
Yerusalem wiwit nandhang panganiaya kang
banget. Kabeh padha buyar, pating slebar
ana ing tlatah Yudea lan Samaria, kajaba
para rasul. 2 Para wong saleh padha ngubur
layone Sang Stefanus, sarta banget anggone
padha nangisi. 3 Nanging Saulus ngudi
marang sirnane pasamuwan, saben omah
dileboni, wong lanang lan wong wadon padha
diglandhangi lan dipasrahake marang ing
pakunjaran.

Sang Filipus ana ing Samaria

8:4-25

4 Wong-wong kang buyar mau padha
ndlajahi ing satanah kabeh karo ngabarake
Injil. 5 Lan Sang Filipus tindak menyang ing
sawijining kutha ing tanah Samaria martakake
bab Sang Mesih marang wong-wong ing
kono. 6 Nalika wong akeh ngrungokake
apa kang diwartakake dening Sang Filipus
sarta nyumurupi pratandha-pratandha kang
dianakake, banjur padha saiyeg nampani
pawartane iku. 7 Amarga wong akeh kang
padha kapanjingan dhemit, dhemite padha
metu kalawan nguwuh-uwuh sora, lan uga
akeh wong lumpuh sarta wong pincang kang
padha diwarasake, 8 temahan wong ing kutha
kono padha bungah banget.
9 Kacarita ing kutha kono ana wong
jenenge Simon, kang wiwit biyen nindakake
pasikhiran lan gawe erame rakyat Samaria
apadene ngaku-aku wong kang pinunjul.
10 Wong-wong, gedhe, cilik, padha nganut
marang dheweke, pangucape: “Wong iki
apangawak panguwaosing Allah kang kasebut
Sang Panguwaos Agung.” 11 Mulane padha
ngedhep marang dheweke, jalaran wis suwe
anggone gawe erame sarana pasikhirane.
12 Nanging saiki padha pracaya marang Sang
Filipus, kang martakake Injile Kratoning Allah
sarta bab asmane Gusti Yesus Kristus tuwin
padha kabaptis, wong lanang dalasan wong

wadon. 13 Simon dhewe iya manjing pracaya
lan sawise dibaptis, tansah ngraketi marang
Sang Filipus sarta sumlengeren nyumurupi
pratandha-pratandha lan mukjijat-mukjijat
linuwih kang tumindak.
14 Bareng para rasul ing Yerusalem padha
midhanget, yen wong ing tanah Samaria wis
padha nampani pangandikaning Allah, Rasul
Petrus lan Rasul Yokanan padha kautus mrana.
15 Sarawuhe ing kono karone banjur padha
ndedonga, supaya wong-wong ing Samaria
padha kaparingan Roh Suci. 16 Amarga Roh
Suci durung tumendhak marang wong siji-sijia
ing antarane wong-wong mau, awit mung
padha dibaptisi ing asmane Gusti Yesus.
17 Mulane kabeh banjur padha katumpangan
asta dening para rasul mau, satemah padha
katedhakan ing Roh Suci. 18 Bareng Simon
sumurup, yen anggone padha pinaringan
Roh Suci iku marga katumpangan astane
para rasul, dheweke banjur ngaturi dhuwit
marang para rasul, 19 kalawan matur: "Kula
mugi kaparingana kasekten punika ugi,
supados tiyang ingkang kula tumpangi tangan,
inggih lajeng katedhakan ing Roh Suci."
20 Nanging Rasul Petrus banjur ngandika
marang dheweke: "Dhuwitmu kenaa ing rusak
bareng karo kowe, amarga kowe ngira, yen
kowe bisa tuku peparinging Allah nganggo
dhuwit. 21 Kowe ora duwe panduman utawa
wewenang tumrap prakara iki, amarga atimu
ora jujur ana ing ngarsane Gusti Allah.
22 Mulane mratobata saka ing pialamu iki

sarta ndedongaa marang Pangeran, supaya
niyating atimu iki kaapura, 23 amarga aku
sumurup, yen atimu iku wis kayadene rempelu
kang pait lan kajiret ing piala.” 24 Simon
mangsuli, ature: “Mugi panjenengan karsaa
ndongakaken kula dhateng Pangeran, supados
sadaya pangandika panjenengan tumrap kula
punika sampun ngantos kelampahan.”
25 Para rasul mau sawise paring paseksen lan
martakake bab pangandikaning Gusti banjur
padha kondur menyang Yerusalem sarta
sadalan-dalan padha nggiyarake Injil ing desa
akeh ing tanah Samaria.

Sang Filipus lan priyagung Etiopia

8:26-40

26 Tumuli ana sawijining malaekating
Pangeran kang ngandika marang Sang
Filipus, mangkene: “Ngadega, lan mangkata
mangidul metu ing dalan kang mudhun
saka ing Yerusalem menyang ing kutha
Gaza.” Dalan iku sepi. Sang Filipus banjur
tindak. 27 Tumuli ana wong Etiopia, sawijining
priyagung panjaga kaputren, kapala juru
gedhonge Sri Kandhake, nata putri ing nagara
Etiopia, kang tindak menyang Yerusalem
prelu nindakake pangibadah. 28 Nalika
samono panjenengane lagi tindak kondur
nitih kreta karo maos kitabe Nabi Yesaya.
29 Sang Filipus banjur kadhawuhan dening
Roh: “Mronoa, cedhakana kreta iku!” 30 Sang
Filipus banjur enggal-enggal murugi lan

mireng priyagung iku lagi maos kitab Nabi
Yesaya. Sang Filipus matur: “Panjenengan
punapa mangretos ingkang panjenengan waos
punika?” 31 Paring wangsulane: “Kadospundi
anggen kula saged mangretos, manawi boten
wonten ingkang nuntun?” Sang Filipus banjur
didhawuhi minggah lan lenggah ing sandhinge.
32 Anadene nas kang diwaos iku surasane
mangkene:

Kayadene wedhus Panjenengane katuntun
bakal disembeleh,
lan kaya cempe kang ora nyuwara ana ing
ngarepe kang mbathili,
mangkono anggone Panjenengane ora
mbikak tutuke.
33 Sajroning kaasorane paukumane
kaetrapake;
sapa kang bakal martakake asal-usule?
Sabab nyawane kapulung saka ing bumi.

34 Priyagung mau banjur ngandika marang
Sang Filipus: “Kula pitaken dhateng
panjenengan, sinten ingkang dipun
pangandikakaken dening nabi punika? Punapa
sariranipun piyambak punapa tiyang sanes?”
35 Sang Filipus tumuli wiwit cariyos, wiwit
saka nas iku, banjur martosake Injile Gusti
Yesus. 36 Sakarone padha nglajengake tindake,
nuli rawuh ing papan kang ana banyune.
Priyagung mau banjur ngandika: “Lah punika
wonten toya. Punapa wonten pambenganipun,
bilih kula dipun baptis?” 37 Atur wangsulane
Sang Filipus: “Manawi panjenengan pitados
kanthi gumolonging panggalih, kenging.”

Paring wangsulane: “Kula pitados, bilih
Gusti Yesus Kristus punika Putraning Allah.”
38 Priyagung Etiopia mau banjur dhawuh
ngendhegake kretane lan karone nuli padha
mandhap menyang ing banyu, Sang Filipus
lan priyagung mau, sarta priyagung iku nuli
dibaptis dening Sang Filipus. 39 Bareng karone
wis padha mentas saka ing banyu, Rohing
Pangeran tumuli mulung Sang Filipus, lan ora
kasumurupan dening priyagung iku maneh.
Panjenengane banjur nglajengake tindake
kalawan renaning panggalih. 40 Nanging Sang
Filipus jebul ana ing kutha Asdod, tindak
nglangkungi ing tlatah kono sarta ngabarake
Injil ana ing kutha-kutha kono kabeh nganti
tumeka ing kutha Kaisarea.

Saulus mratobat

9:1-9

9 1 Anadene Saulus atine isih kebak
pangancam-ancam sarta pangigit-igit
arep mateni para siswane Gusti, banjur seba
marang ngarsane Imam Agung, 2 lan nyuwun
layang kuwasa kang arep digawa menyang ing
papan-papan pangibadah ing Damsyik, supaya
samangsa mrangguli wong lanang utawa
wong wadon kang padha nganut Margining
Gusti, banjur bisa dicekel lan digawa menyang
Yerusalem.
3 Sajrone lumaku iku, bareng wis cedhak
karo kutha Damsyik, dumadakan nuli ana
cahya cumlorot saka ing langit kang nglimputi

dheweke. 4 Tumuli niba ing lemah sarta krungu
swara kang mangandikani mangkene: "Saulus,
Saulus, yagene sira nganiaya marang Ingsun?"
5 Atur wangsulane Saulus: "Paduka punika
sinten, Gusti?" Pangandikane Gusti: "Ingsun
iki Yesus, kang sira kaniaya iku. 6 Nanging
ngadega, lumebua ing kutha, ana ing kono sira
bakal didhawuhi apa kang kudu sira lakoni."
7 Anadene wong-wong kang dadi kanthining
lakune, padha njenger, marga pancen padha
krungu swara mau, nanging ora ndeleng
wong siji-sijia. 8 Saulus banjur ngadeg lan
ngelekake mripate, nanging ora bisa ndeleng
apa-apa. Tumuli dituntun lumebu menyang ing
kutha Damsyik. 9 Nganti telung dina lawase
anggone ora bisa ndeleng sarta ora mangan
lan ngombe.

Saulus kabaptis dening Ananias

9:10-19a

10 Ing Damsyik ana sawijining siswane Gusti
jenenge Ananias, iku didhawuhi dening Gusti
ing sajroning wahyu: "Ananias!" 11 Unjuke:
"Kawula, Gusti." Dhawuhe Gusti: "Ngadega,
menyanga ing lurung kang aran Lurung
Kenceng, menyanga ing omahe Yudas,
golekana wong kang saka ing kutha Tarsus
kang jenenge Saulus, saiki lagi ndedonga,
12 lan sajroning wahyu weruh wong aran
Ananias kang lumebu sarta numpangi tangan,
supaya bisa ndeleng maneh."

13 Ananias mangsuli, unjuke: “Gusti,
kawula sampun mireng saking tiyang
kathah bab tiyang punika, bilih kathah
sanget piawon ingkang dipun tindakaken
tumrap para suci kagungan Paduka ingkang
wonten ing Yerusalem, 14 saha anggenipun
mriki punika kalayan mundhi panguwaos
saking para pangajenging imam kangge
nyepengi sadaya tiyang ingkang nyebut
asma Paduka.” 15 Ewadene Gusti ngandika:
“Wis, sira mangkata, jalaran wong iki piranti
pilihaningSun kanggo martakake asmaningSun
marang bangsa-bangsa liya sarta para raja
lan wong-wong Israel. 16 Ingsun Piyambak
bakal nuduhake marang dheweke, sapira
kehing kasangsaran, kang bakal kasandhang
awit saka asmaningSun.” 17 Ananias tumuli
mangkat mrono lan lumebu ing omah kono.
Saulus banjur ditumpangi tangan sarta
tembunge: “Saulus, sadulurku, Gusti Yesus,
kang wus ngatingal marang kowe ana ing
dalan kang kokliwati, iku ngutus aku marani
kowe, supaya kowe bisa ndeleng maneh lan
kapenuhan ing Roh Suci.” 18 Padha sanalika
kaya-kaya banjur ana kang rupane memper
sisik padha runtuh saka ing mripate, satemah
bisa ndeleng maneh, banjur ngadeg sarta
kabaptis. 19 Dene sawise mangan, kakuwatane
nuli pulih.

Saulus ana ing satengahing para sadulur

9:19b-25

(9-19b) Saulus ana ing satengahing para
siswa ing Damsyik sawatara dina. [20] Nalika
iku dheweke iya martakake bab Gusti Yesus
ana ing papan-papan pangibadah sarta
pratela yen Gusti Yesus iku Putraning Allah.
[21] Kabeh wong kang ngrungokake padha
eram lan ngucap: “Apa iku dudu sing ana ing
Yerusalem arep numpes wong kang nyebut
jenenge Yesus iku, sarta tekane ing kene
iku apa ora sumedya nyekeli wong-wong
mau banjur diladekake marang ing ngarsane
para pangareping imam?” [22] Nanging Saulus
saya mundhak gedhe daya-prabawane lan
gawe judheging wong-wong Yahudi kang
manggon ing Damsyik, jalaran anggone aweh
tandha-yekti, yen Gusti Yesus iku Sang Mesih.
[23] Bareng wis sawatara dina wong Yahudi
padha ngrantam arep mateni Saulus.
[24] Nanging sedya kang ala iku kaweruhan
dening Saulus. Rina wengi wong Yahudi padha
jaga ing saketheng-sakethenging kutha,
supaya bisa mateni Saulus. [25] Nanging ing
wayah bengi banjur disambut dening para
siswane kaudhunake saka ing baluwartining
kutha kawadhahan ing kranjang.

Saulus ana ing Yerusalem, let sawatara mangsa kaulihake menyang Tarsus

9:26-31

26 Satekane ing Yerusalem Saulus banjur
ngudi bisane nunggal karo para siswa, nanging
kabeh padha wedi, awit padha ora ngandel,
yen dheweke iku uga sawijining siswa. 27 Mung
bae banjur ditampani dening Barnabas lan
dilantarake marang ing ngarsane para rasul
sarta padha dicaritani, bab anggone Saulus
ana ing dalan dikatingali dening Gusti tuwin
anggone diparingi pangandika apadene
anggone memulang kalawan asmane Gusti
kanthi kendel ana ing Damsyik. 28 Saulus
lestari tetunggalan karo para rasul ana ing
Yerusalem lan kanthi kendel memulang ing
asmane Gusti, 29 apadene uga wawan gunem
lan bebantahan karo para wong Yahudi
kang basane Yunani, nanging iku padha
ngarah mateni. 30 Mung bae, bareng bab iku
kasumurupan dening para sadulur warganing
pasamuwan, banjur padha ngaterake Saulus
menyang Kaisarea lan saka ing kono mbiyantu
anggone menyang ing Tarsus.
31 Anadene ing sawatara wektu pasamuwan
ing satanah Yudea, Galilea lan Samaria kabeh
kaanane tentrem, padha kabangun sarta
padha wedi-asih marang ing Pangeran. Cacahe
saya wuwuh akeh marga saka anggone
kapitulungan sarta kalipur dening Sang Roh
Suci.

Rasul Petrus nyarasake Eneas

9:32-35

32 Nalika samana Rasul Petrus tindak
mider-mider, tetuwi menyang ing ngendi-endi.
Panjenengane uga ngrawuhi para suci ing
kutha Lida. 33 Ana ing kono mrangguli wong
kang aran Eneas, kang wis wolung taun
nggluntung ana ing paturon amarga lumpuh.
34 Iku dipangandikani dening Rasul Petrus:
“Eneas, Gusti Yesus nyarasake kowe; tangia
lan paturonmu tatanen!” Sanalika iku uga
wong mau banjur tangi. 35 Kabeh wong ing
Lida lan Saron padha ndeleng wong mau,
satemah banjur padha mratobat marang
Gusti.

Rasul Petrus nggesangake Dorkas

9:36-43

36 Ing kutha Yope ana sawijining siswa wanita
jenenge Tabita (ing basa Yunani: Dorkas).
Wong wadon iku akeh banget panggawene
becik lan anggone dedana. 37 Nanging nalika
samana dheweke lara banjur tinggal-donya.
Sawise disuceni, layone nuli diturokake ana
ing kamar ndhuwur. 38 Lida iku cedhak karo
Yope. Bareng para siswa padha krungu, yen
Rasul Petrus ana ing Lida, banjur kongkonan
wong loro sowan marang ing ngarsane,
ngaturake panyuwun mangkene: “Kula aturi
enggal rawuh ing panggenan kula!” 39 Rasul

Petrus nuli enggal-enggal tindak bebarengan
karo wong-wong mau. Bareng wis rawuh
ing kana, banjur didherekake menyang ing
kamar ndhuwur sarta kabeh warandha padha
ngadeg ing sacedhake apadene kalawan
nangis padha nuduhake kabeh klambi lan
sandhangan, gaweane Dorkas nalika isih urip.
40 Nanging kabeh nuli didhawuhi metu dening
Rasul Petrus. Panjenengane banjur jengkeng
lan ndedonga. Sawise mangkono nuli minger
ngadhepake layon mau sarta ngandika:
"Tabita, tangia!" Tabita nuli melek lan bareng
ndeleng Rasul Petrus, banjur njenggelek
linggih. 41 Tumuli tangane diasta dening Rasul
Petrus, dilawani anggone ngadeg. Sawise
mangkono nuli nimbali para suci lan para
warandha sarta nedahake, yen wong wadon
mau wis urip. 42 Lelakon iku sumebar ing
sakutha Yope sarta akeh wong kang padha
manjing pracaya marang Gusti. 43 Sawise
mangkono Rasul Petrus isih lereb ana ing
Yope sawatara dina ana ing omahe wong aran
Simon, tukang samak.

Crita bab Kornelius ing Kaisarea lan Petrus.

Kornelius kaparingan wahyu

10:1-8

10 1 Ing Kaisarea aan wong aran Kornelius,
opsir penatus ing pasukan kang diarani
pasukan Itali, 2 wong mursid kang ngabekti

marnag Gusti Allah dalah sabrayate kabeh,
sarta kang akeh danane marang umat Yahudi
tuwin kang tansah ndedonga marang Gusti
Allah. [3] Watara jam telu awan Kornelius ing
sajroning wahyu sumurup kalawan cetha ana
sawijining malaekating Allah kang lumebet
ing omahe lan mangandikani: “Kornelius!”
[4] Kornelius mandeng marang malaekat mau
lan matur kalawan wedi: “Wonten punapa,
Gusti?” Paring wangsulane malaekat mau:
“Kabeh pandongamu lan sedhekahmu wus
padha sumengka marang ing ngarsaning Allah
sarta Gusti Allah enget marang kowe. [5] Dene
saiki kongkonana wong sawatara menyang
ing Yope, methuk wong aran Simon, kang
apeparab Petrus. [6] Iku mondhok ana ing
omahe tukang samak, sing jeneng Simon,
kang ana ing pinggir sagara.” [7] Sapengkere
malaekat kang mangandikani mangkono mau,
Kornelius banjur ngundang bature loro tuwin
prajurit siji kang mursid, panunggalane kang
tansah tetunggalan kalawan dheweke, [8] sarta
sawise diwenehi katrangan bab sakabehe, nuli
padha dikongkon menyang ing Yope.

Rasul Petrus kaparingan wahyu

10:9-16

[9] Esuke nalika kongkonan mau isih padha ana
ing dalan lan wis cedhak karo kutha, watara
jam rolas awan, Rasul Petrus minggah ing
payon arep ndedonga. [10] Banjur kraos luwe lan
kapengin dhahar, nanging nalika dhaharan lagi

dicawisake, dumadakan rohe kalimputan ing
panguwasaning Allah, [11] panjenengane mirsa
langit piyak sarta banjur ana barang kang
awujud lawon amba, poncote papat katalenan,
kang kaudhunake menyang ing lemah.
[12] Lawon mau isi sawarnaning kewan kang
asikil papat, kewan kang rumangkang sarta
manuk. [13] Tumuli ana swara kapireng kang
dhawuh: "Ngadega, heh, Petrus, nyembeleha
lan mangana!" [14] Nanging Petrus munjuk:
"Boten Gusti, boten, sabab kawula dereng nate
nedha punapa-punapa ingkang karam saha
najis." [15] Tumuli kapireng swara maneh kang
kaping pindhone kang dhawuh: "Apa kang wus
kapangandikakake kalal dening Gusti Allah,
aja kokarani karam." [16] Bab iku nganti kalakon
kaping telu lan sawise iku lawon mau banjur
kaunggahake marang ing langit maneh.

Rasul Petrus nampeni kongkonane Kornelius

10:17-23

[17] Nalika Rasul Petrus lagi kodheng ing bab
maknaning wahyu, kang mentas ditampeni
mau, wong-wong kang dikongkon dening
Kornelius, sawise takon-takon bab dalem
pamondhokane Rasul Petrus, wis ana ing
ngarep regol, [18] sarta banjur nyeluk sawijining
wong lan takon, apa Rama Simon kang
apeparab Petrus lereb ana ing kono.
[19] Nalika Rasul Petrus isih nggalih bab wahyu
mau, banjur dipangandikani dening Roh:

"Lah ana wong loro nggoleki sira, [20] mulane
ngadega, mudhuna lan mangkata bebarengan
karo wong-wong iku, aja mangu-mangu,
sabab Ingsun kang ngutus mrene." [21] Rasul
Petrus banjur mandhap sarta ngandika marang
wong-wong mau: "Iya aku iki kang kokgoleki;
apa karepmu mrene?" [22] Atur wangsulane:
"Kornelius satunggaling opsir ingkang
manahipun mursid saha ngabekti dhateng
Gusti Allah punapadene ingkang sampun
kondhang sae wonten ing antawisipun bangsa
Yahudi sadaya, sampun tampi wangsiting
Allah lumantar malaekat suci, supados ngaturi
rawuh panjenengan dhateng ing griyanipun
saha mirengaken punapa ingkang badhe
panjenengan ngandikakaken." [23] Wong-wong
mau banjur didhawuhi nginep ana ing kono.

Esuke sawise wungu Rasul Petrus tumuli tindak bebarengan karo wong-wong mau sarta ana wong ing Yope sawatara kang ndherekake.

Rasul Petrus lan Kornelius

10:24-33

[24] Esuke maneh tindake wis rawuh ing
Kaisarea, Kornelius wus ngenteni lan wus
ngulemi sanak sadulure lan para mitrane.
[25] Bareng Rasul Petrus lumebet ing omah,
Kornelius methuk kambi sumungkem ing
ngarsane sarta sujud. [26] Nanging diadegake
dening Rasul Petrus kalawan dipangandikani:
"Kula aturi jumeneng, kula punika namung
manungsa limrah." [27] Rasul Petrus nuli lumebet

kalawan ngandikan karo Kornelius, banjur
kapanggih lan wong akeh kang wis padha
nglumpuk. 28 Tumuli padha dipangandikani
mangkene: "Panjenengan sadaya sami
mangretos, bilih tiyang Yahudi punika dipun
awisi sanget srawungan kaliyan tiyang-tiyang
ingkang sanes Yahudi utawi lumebet ing
griyanipun. Nanging Gusti Allah sampun
paring pitedah dhateng kula, bilih kula
boten dipun parengaken mastani tiyang
najis utawi boten resik. 29 Inggih punika
sababipun kula lajeng boten kawratan mriki.
Ingkang punika kula kapengin sumerep,
punapa sababipun dene kula panjenengan
dhatengaken?" 30 Ature Kornelius: "Sakawan
dinten kapengker ing wekdal kinten-kinten
sami kaliyan sapunika, inggih punika jam tiga
siyang, kula saweg ndedonga wonten ing griya.
31 Dumadakan wonten satunggaling priya
jumeneng ing ngajeng kula, pangagemanipun
gumilap ingkang lajeng ngandika: Kornelius,
pandongamu wis dipiyarsakake dening Gusti
Allah lan sedhekahmu wis kaengetan ana
ing ngarsaning Allah. 32 Mulane kongkonana
wong menyang ing Yope methuk Simon kang
peparab Petrus, kang lagi mondhok ing omahe
Simon, tukang samak, ing pinggir sagara.
33 Awit saking punika kula enggal-enggal
kengkenan tiyang sowan panjenengan saha
panjenengan sampun rawuh kalayan renaning
penggalih. Sapunika kula sadaya sampun
nglempak ing ngriki, wonten ing ngarsanipun
Gusti Allah, badhe mirengaken punapa

ingkang kadhawuhaken dening Gusti Allah
dhateng panjenengan."

Rasul Petrus paring piwulang

10:34-48

34 Rasul Petrus banjur medhar pangandika
mangkene: "Kula sampun saestu mangretos,
bilih Gusti Allah boten mbedak-mbedakaken
tiyang. 35 Saben tiyang ingkang kagolong
bangsa punapa kemawon, ingkang
ngabekti dhateng Pangeran saha ingkang
nindakaken kaleresan, punika ndadosaken
ing keparengipun Gusti Allah. 36 Pangandika
ingkang supados kadhawuhaken dhateng
tiyang-tiyang Israel, inggih punika pangandika
ingkang martosaken bab tentrem-rahayu
dening Gusti Yesus Kristus ingkang
jumeneng dados Gustinipun sadaya tiyang.
37 Panjenengan sadaya sampun nguningani
samukawis ingkang sampun kelampahan
wonten ing saindenging tanah Yudea wiwit
saking ing tanah Galilea, sasampunipun
baptisan ingkang kaundhangaken dening
Nabi Yokanan, 38 inggih punika bab Gusti
Yesus saking Nasaret: anggenipun jinebadan
dening Gusti Allah kalawan Roh Suci
saha kasekten, Panjenenganipun ingkang
tindak mider-mider kalayan nindakaken
kasaenan sarta nyarasaken sadaya tiyang
ingkang kawasesa dening Iblis, amargi Gusti
Allah nunggil kalayan Panjenenganipun.
39 Wondene kula sadaya punapa sami

dados seksi tumrap sadaya ingkang dipun
tindakaken wonten ing tanah Yudea saha
ing Yerusalem; wasana lajeng kasedanan
dening tiyang-tiyang sarana kagantung ing
kajeng salib. 40 Ing tigang dintenipun Gusti
Yesus punika dipun wungokaken dening
Gusti Allah saha sampun dados keparenging
Allah, bilih Panjenenganipun lajeng ngatingal,
41 boten dhateng tiyang sabangsa sadaya,
nanging dhateng para seksi, ingkang
saderengipun sampun tinuding dening Gusti
Allah, inggih punika dhateng kula sadaya
ingkang sampun ndherek nedha lan ngombe
kaliyan Panjenenganipun, sasampunipun
Panjenenganipun wungu saking antawisipun
tiyang pejah. 42 Punapadene Panjenenganipun
sampun paring bebahan dhateng kula
sadaya, martosaken dhateng sabangsa
sadaya saha dados paseksi, bilih inggih
Panjenenganipun punika ingkang pinasthi
dening Gusti Allah dados Hakim tumrap
tiyang ingkang gesang saha ingkang pejah.
43 Inggih Panjenenganipun punika ingkang
dipun sekseni para nabi sadaya, bilih sinten
ingkang pitados dhateng Panjenenganipun,
badhe tampi pangapuntening dosa margi
saking asmanipun."

44 Nalika Rasul Petrus lagi ngandika
mangkono iku, kabeh wong kang ngrungokake
pangandika padha katedhakan ing Roh
Suci. 45 Kabeh wong pracaya saka golongan
tetakan kang ndherekake Rasul Petrus,
padha kaeraman, jalaran padha sumurup,

yen peparing Roh Suci iku uga kaganjarake
marang bangsa-bangsa liya; 46 amarga padha
krungu anggone wong-wong mau banjur
padha calathu nganggo basa warna-warna
lan ngluhurake Gusti Allah. Rasul Petrus
banjur ngandika: 47 "Apa ana wong kang bisa
ngalang-alangi wong-wong iki padha dibaptisi
nganggo banyu, wong wis padha tampa
Roh Suci kayadene kita?" 48 Banjur dhawuh,
supaya wong-wong mau padha dibaptisi ing
asmane Gusti Yesus Kristus. Sawise iku nuli
padha nyuwun, supaya Rasul Petrus lereb ana
ing kono sawatara dina.

Rasul Petrus ngaturake panjawab ana ing Yerusalem bab baptise Kornelius

11:1-18

11 1 Para rasul lan sadulur-sadulur
ing tanah Yudea padha krungu,
yen bangsa-bangsa liya uga nampani
pangandikaning Allah.
2 Bareng Rasul Petrus rawuh ing Yerusalem
wong-wong golongan tetakan padha
padudon karo panjenengane, 3 pangucape:
"Panjenengan sampun lumebet ing griyanipun
tiyang-tiyang ingkang boten tetak saha
dhahar sesarengan kaliyan tiyang-tiyang wau."
4 Nanging Rasul Petrus banjur nerangake
samubarang kabeh kanthi urut, pangandikane:
5 "Kula saweg ndedonga wonten ing kitha
Yope, dumadakan roh kula kalimputan ing
panguwaosipun Gusti Allah, kula lajeng

sumerep rerupen: wonten barang ingkang
awujud lawon wiyar, gumantung ing
poncotipun sakawan kaandhapaken saking
langit ngantos dumugi ing ngajeng kula.
6 Sareng kula tamataken, kula sumerep
sawarnining kewan wonten ing lebetipun,
kewan asuku sakawan, kewan wanan, kewan
rumangkang saha peksi-peksi. 7 Kula lajeng
mireng swara ingkang ngandika dhateng
kula: Ngadega, heh, Petrus, nyembeleha
lan mangana! 8 Nanging kula matur: Boten,
Gusti, boten, amargi dereng nate wonten
barang ingkang karam utawi ingkang boten
resik, ingkang lumebet ing cangkem kawula.
9 Ewadene swara saking swarga wau lajeng
ngandika dhateng kula ingkang kaping
kalihipun: Apa kang kapangandikakake dening
Allah, yen iku kalal, aja kokarani karam!
10 Bab punika kalampahan ngantos kaping
tiga, sadayanipun nunten kainggahaken
malih dhateng langit. 11 Sanalika punika
ugi lajeng wonten tiyang tiga ingkang
ngadeg ing sangajenging griya, ingkang
ngadeg ing sangajenging griya, ingkang kula
pondhoki; tiyang-tiyang wau dipun kengken
saking Kaisarea murugi kula. 12 Kula nunten
dipun pangandikani dening Roh: Mangkata
bebarengan karo wong-wong iku lan aja
mangu-mangu! Sadherek nenem punika
tumut. Sareng kula lumebet ing griyanipun
tiyang wau 13 tiyang punika tumunten
nyariyosaken dhateng kula sadaya anggenipun
sumerep malaekat jumeneng ing griyanipun

saha ngandika dhateng piyambakipun:
Kongkonana wong menyang Yope methuk
Simon kang apeparab Petrus. 14 Iku bakal
aweh pawarta marang kowe, kang bakal
nekakake karahayon tumrap kowe dalah
sabrayatmu kabeh. 15 Sareng kula wiwit
wicanten, tiyang-tiyang wau lajeng sami
katedhakan ing Roh Suci, sami kadosdene
kita kala rumiyin. 16 Kula nunten kengetan
dhateng pangandikaning Pangeran: Yokanan
mbaptis nganggo banyu, nanging sira kabeh
bakal kabaptis kalawan Roh Suci. 17 Dados
manawi Gusti Allah maringaken rahmatipun
dhateng tiyang-tiyang wau sami kadosdene
dhateng kula nalika kita wiwit pitados dhateng
Gusti Yesus Krsitus, kadospundi anggen kula
saged nduwa dhateng Gusti Allah?” 18 Bareng
krungu kang mangkono iku, banjur padha
nrima sarta padha ngluhurake Gusti Allah,
pangucape: “Dadine Gusti Allah uga paring
patobat marang bangsa-bangsa liya, kang
dadi marganing urip.”

Buyare pasamuwan njalari mekare.

Dumadine pasamuwan Kristen ana ing kutha Antiokhia.

Nabi Agabus meca anane pailan

11:19-30

19 Kacarita marga saka panganiaya kang
tumuwuh sawuse Sang Stefanus kaukum pati,

akeh sadulur kang padha buyar nganti tekan
ing tanah Fenisia, ing pulo Siprus lan ing kutha
Antiokhia, dene anggone ngabarake Injil mung
marang wong Yahudi.
20 Nanging ana panunggalane sawatara
wong Siprus lan wong Kirene, kang teka ing
Antiokhia lan banjur mawan rembug uga
karo wong-wong Yunani sarta martakake Injil
kalawan pratela, yen Gusti Yesus iku Gusti.
21 Astaning Pangeran nunggil karo wong-wong
mau, satemah akeh wong kang manjing
pracaya sarta padha mratobat marang Gusti.
22 Pawarta bab wong-wong mau keprungu
dening pasamuwan ing Yerusalem; Barnabas
banjur kautus dening pasamuwan menyang
ing Antiokhia. 23 Bareng wis tekan ing kono
lan nyumurupi sih-rahmating Allah, Barnabas
bungah sarta mituturi marang wong-wong
mau, supaya padha tetep setya marang Gusti,
24 awit Barnabas iku wong becik, kapenuhan
ing Roh Suci lan pracaya. Ana wong akeh
kang padha kawuwuhake ing pasamuwane
Gusti. 25 Barnabas banjur menyang ing kutha
Tarsus nggoleki Saulus. Bareng wis ketemu
tumuli diajak menyang ing Antiokhia, 26 sarta
padha tetunggalan karo pasamuwan nganti
sataun lawase, sinambi memulang marang
wong akeh. Ana ing Antiokhia kono para siswa
anggone wiwit padha kasebut Kristen.
27 Nalika samana ana nabi sawatara kang
rawuh ing kutha Antiokhia saka ing Yerusalem.
28 Ana siji kang asma Agabus kang jumeneng
sarta marga saka kuwaosing Roh ngandika,

yen ing saindenging jagad bakal katekan
pailan gedhe, kang iya kalakon uga nalika
jamane Sang Nata Agung Klaudius. 29 Para
siswa banjur padha mutus arep nglumpukake
sumbangan miturut sakadare dhewe-dhewe,
bakal dikirimake marang para sadulur ing
tanah Yudea. 30 Bab iku iya kalakon lan banjur
dikirimake marang para pinituwa lumantar
Barnabas lan Saulus.

Panguya-uyane Sang Prabu Herodhes.

Rasul Yakobus kasedanan.

Rasul Petrus kakunjara

12:1-5

12 1 Kira-kira ing wektu iku Sang Prabu
Herodhes wiwit tumindak keras marang
wong pasamuwan sawatara. 2 Panjenengane
dhawuh nyedani Rasul Yakobus, sadhereke
Rasul Yokanan, kalawan pedhang. 3 Bareng
mirsa, yen bab iku ndadekake senenge atine
wong Yahudi, banjur nglajengake tindake kang
mangkono iku sarta dhawuh nahan Rasul
Petrus. Nalika iku pinuju dina riyaya Roti Tanpa
Ragi. 4 Bareng Rasul Petrus wis dicepeng, Sang
Prabu Herodhes dhawuh supaya dikunjara
kanthi dijaga dening prajurit patang regu,
saben regu wong papat. Karsane, salebare
Paskah bakal kaladekake marang ngarepe
wong akeh. 5 Iya kaya mangkono iku anggone
Rasul Petrus katahan ana ing pakunjaran.

Nanging pasamuwan kalawan nrentheng ndongakake panjenengane marang Gusti Allah.

Rasul Petrus kaluwaran dening malaekat

12:6-19

6 Nalika bengi sadurunge kaladekake marang
ing ngarepe wong akeh dening Sang Prabu
Herodhes, Rasul Petrus sare kaapit dening
prajurit loro, kabesta ing rante loro. Kajaba
saka iku ing ngarep lawang ana prajurit kang
padha jaga.
7 Dumadakan ana sawijining
malaekate Pangeran jumeneng ing sacelake
Rasul Petrus lan sel kono kapadhangan ing
cahya. Malaekat mau banjur nyeblek Rasul
Petrus, supaya wungu kalawan ngandika:
“Enggal tangia!” Rantene nuli ucul saka
ing astane Rasul Petrus.
8 Sang Malaekat
banjur ngandika: “Sabukana lan enggonen
trumpahmu!” Iku iya ditindakake. Sang
Malaekat tumuli ngandika: “Jubahmu
enggonen lan ngetutna aku!”
9 Panjenengane
iya banjur tindak medal ndherekake malaekat
sarta ora mirsa, yen apa kang ditindakake
dening malaekat iku kalakon temenan,
panyanane mirsa wahyu.
10 Bareng wis padha
nglangkungi pajagan kapisan lan kapindho,
nuli rawuh ing gapura wesi kang anjog ing
kutha. Lawange iku menga dhewe. Bareng
wis rawuh ing jaba, banjur padha tindak
tekan ing pungkasaning dalan; dumadakan
malaekat mau banjur nilar panjenengane.

11 Bareng wis enget wewentehan, Rasul
Petrus nuli ngunandika: “Saiki aku ngreti
temenan, yen Gusti wus ngutus malaekate
sarta ngluwari aku saka ing astane Sang
Prabu Herodhes lan saka ing samubarang
kabeh, kang dikarepake dening wong Yahudi.”
12 Sawise nggalih-nggalih sadhela, banjur
tindak menyang ing omahe Maryam, ibune
Yokanan kang uga karang Markus. Ing kono
akeh wong kang padha nglumpuk ndedonga.
13 Bareng panjenengane nothok lawang regol,
ana abdi wadon jenenge Rodhe teka arep
nyumurupi sapa kang thothok-thothok iku.
14 Dheweke ora pangling yen iku swarane
Rasul Petrus, nanging marga saka bungahe,
ora banjur ngengakake lawang, nanging
enggal-enggal lumebu ngaturi pirsa, yen
Rasul Petrus ana ing ngarep regol. 15 Wong
wadon iku banjur dicalathoni: “Kowe iku
ngomyang.” Ewasamono tetep anggone
matur, yen iku nyata temenan. Banjur padha
calathu: “Iku malaekate.” 16 Nanging Rasul
Petrus terus bae anggone thothok-thothok.
Bareng padha ngengakake lawang lan ndeleng
panjenengane, padha kagawokan. 17 Nanging
Rasul Petrus tumuli paring sasmita, supaya
padha meneng, banjur padha dicaritani,
kapriye anggone Gusti nuntun medal saka
ing pakunjaran. Pangandikane: “Yakobus lan
para sadulur kita padha wenehana sumurup
bab iki.” Banjur miyos lan tindak menyang ing
panggonan liya.

[18] Esuke para prajurit padha kagegeran, padha takon-tinakon apa baya kang wis kalakon ing ngatase Rasul Petrus iku.
[19] Sang Prabu Herodhes banjur dhawuh nglari Rasul Petrus, nanging ora ketemu, nuli dhawuh mriksa para kang jaga, kang wusanane padha dipateni. Sang Prabu nuli tindak saka ing Yudea menyang ing Kaisarea sarta lereb ana ing kono.

Sedane Sang Prabu Herodhes

12:20-23

[20] Kacarita Sang Prabu Herodhes duka banget marang wong Tirus lan Sidon. Wong-wong mau padha saiyeg bebarengan sowan menyang ing ngarsane sarta padha kalakon bisa ngrimuk Blastus, punggawa ing kratone Sang Nata, supaya mbiyantu wong-wong mau. Banjur padha nyuwun bedhami, awit nagarane iku oleh pangan saka ing bawahe Sang Prabu.
[21] Ing dina kang wus katamtokake, Sang Prabu Herodhes ngrasuk busananing ratu banjur lenggah ing dhampar lan ngandika marang
wong-wong mau. [22] Ing kono rakyat padha nampani pangandika iku kanthi asurak-surak, sarta ngucap: “Punika swaraning allah
lan sanes swaraning manungsa!” [23] Padha sanalika Sang Prabu banjur kagebag dening malaekating Pangeran, jalaran ora ngunjukake pangaji-aji marang Gusti Allah. Panjenengane seda kamangsa ing cacing.

Barnabas lan Saulus kautus

12:24--13:3

24 Kacarita pangandikane Pangeran saya
sumebar lan saya akeh kang ngrungokake.
25 Barnabas lan Saulus, sawise ngrampungake
kawajibane, banjur bali saka ing Yerusalem,
Yokanan kang uga peparab Markus diajak.
13 1 Ing nalika iku pasamuwan ing
Antiokhia ana nabi lan guru sawatara,
yaiku: Barnabas lan Simeon kang karan Niger,
lan Lukius wong Kirene, sarta Menahen,
palihane Sang Nata-wilayah Herodhes lan
Saulus.
2 Ing sawijining dina, nalika lagi padha
nindakake pangibadah marang Gusti sarta
puwasa, Roh Suci ngandika: “Ingsun
pijekna Barnabas lan Saulus, supaya padha
nglakonana ayahan, kang wus Suntemtokake
tumrap karone.” 3 Mulane banjur padha puwasa
lan ndedonga, sarta sawise ditumpangi tangan,
karone padha dililani mangkat.

Rasul Paulus lan Barnabas ana ing pulo Siprus

13:4-12

4 Sakarone, kang padha kautus dening
Sang Roh Suci iku, nuli tindak menyang ing
palabuhan Seleukia; saka ing kono padha layar
menyang ing pulo Siprus. 5 Bareng wis rawuh
ing kutha Salamis, banjur padha martosake

pangandikaning Allah ana ing papan-papan
pangibadahe wong Yahudi, sarta Yokakan
ndherekake minangka pambantu.
6 Nuli padha ndlajahi pulo mau kabeh, nganti
tekan ing kutha Pafos; ana ing kono nrenjuhi
sawijining wong Yahudi, jenenge Baryesus. Iku
dadi tukang sikir lan nabi palsu, 7 apamaneh
dadi mitrane kang jumeneng gupernur ing pulo
kono, priyagung kang lantip, asmane Sergius
Paulus. Gupernur iku nimbali Rasul Barnabas
lan Saulus sabab kapengin mirengake
pangandikaning Allah. 8 Nanging Elimas --
mangkono jenenge tukang sikir mau ing basa
Yunani -- ngalang-alangi sarta mbudi-daya
supaya Sang Gupernur aja pracaya. 9 Nanging
Rasul Saulus, kang uga asma Paulus, kang
kapenuhan ing Roh Suci, nuli mancerengi
dheweke 10 lan ngandika: "Heh, anak Iblis,
kang kebak ing kaculikan lan piala, kowe iku
mungsuhe sakabehing kayekten, apa kowe ora
uwis-uwis anggonmu ngingerake Marganing
Pangeran, kang lenceng iku? 11 Saiki delengen,
astaning Pangeran nempuh marang kowe,
kowe dadi picak, sawatara dina kowe ora bisa
ndeleng srengenge." Lan sanalika iku uga
wong mau rumangsa kalimputan ing pepeteng
lelimengan, sarta banjur grayah-grayah golek
wong kang nuntun dheweke. 12 Ndeleng apa
kang mentas kalakon iku, Sang Gupernur
banjur pitados, sarta kagawokan marga saka
piwulange Gusti iku.

Tindak menyang ing kutha Antiokhia ing tanah Pisidhia

13:13-49

13 Rasul Paulus sakanthine banjur tindak saka
ing Pafos lan layar menyang ing kutha Perga
ing tanah Pamfilia. Nanging Yokanan tumuli
pamitan lan bali menyang ing Yerusalem.
14 Saka ing Perga padha nglajengake tindake
menyang ing kutha Antiokhia ing Pisidhia.
Bareng ing dina Sabat karone tindak menyang
ing papan pangibadah, tumuli lenggah ana ing
kono. 15 Sawise angger-anggering Toret lan
kitabe para nabi kawaca, para punggawaning
papan pangibadah padha kongkonan matur
marang sakarone: "Para sadherek, bokbilih
panjenengan sami kagungan pangandika
minangka pambangun saha panglipur
tumrap umat punika, sumangga kula aturi
nglairaken." 16 Rasul Paulus banjur jumeneng
sarta sawise paring sasmita kalawan astane,
nuli ngandika: "Para sadherek Israel saha
para ingkang sami ngabekti ing Allah, kula
aturi sami midhangetaken. 17 Allahipun
bangsa Israel sampun milih leluhur kita,
tuwin kadadosaken bangsa ingkang ageng,
nalika dados tiyang neneka wonten ing
tanah Mesir, tumunten kairid medal saking
nagari wau dening Panjenenganipun kalayan
astanipun ingkang luhur. 18 Salebetipun
kawan dasa taun Panjenenganipun atindak
sabar tumrap sadaya pratingkahipun wonten

ing ara-ara-samun. [19] Sarta sasampunipun
nyirnakaken bangsa pepitu ing tanah Kanaan,
Panjenenganipun lajeng mbage-bage tanah
wau dhateng leluhur kita kadadosaken tanah
pusaka. [20] Sasampunipun watawis kawan
atus seket taun, lajeng kaparingan hakim
ngantos dumugi ing jamanipun Nabi Samuel.
[21] Sasampunipun makaten sami nyuwun
kaparingana ratu. Gusti Allah nunten maringi
Saul, anakipun Kisy, saking taler Benyamin,
laminipun kawan dasa taun. [22] Sasampunipun
Sang Nata Saul kasingkiraken, Gusti Allah
lajeng njunjung Dawud, kajumenengaken
ratu. Tumrap Sang Prabu Dawud punika Gusti
Allah sampun pratela: Ingsun wus manggih
Dawud, anake Isai, wong kang ndadekake
keparenging panggalihingSun sarta kang
nglakoni sakabehing karsaningSun. [23] Inggih
saking trahipun punika Gusti Allah, tetes
kaliyan ingkang sampun kaprasetyakaken,
miyosaken Sang Juru-wilujeng kangge tiyang
Israel, inggih punika Gusti Yesus. [24] Nalika
ngajengaken rawuhipun, Nabi Yokanan
sampun ngatag-atag dhateng bangsa Israel
sadaya, supados sami mratobat saha kabaptis.
[25] Salajengipun, nalika Nabi Yokanan sampun
meh rampung anggenipun nindakaken
ayahanipun, panjenenganipun ngandika
makaten: Aku iki dudu kang kokkira, yen
aku iki Panjenengane, nanging Panjenengane
bakal rawuh sawise aku. Aku bok nguculi
ageme trumpah saka ing sampeyane bae, ora
pantes.

[26] Nuwun, para sadherek trahipun Rama
Abraham, saha para ingkang sami ngabekti
ing Allah, kabar kawilujengan punika sampun
kaparingaken dhateng kita. [27] Sabab para
ingkang sami manggen ing Yerusalem saha
para pangagengipun sami boten purun ngakeni
Gusti Yesus. Saha margi saking anggenipun
lajeng ndhawahaken paukuman pejah tumrap
Panjenenganipun, sami njalari kayektosanipun
pangandikaning para nabi, ingkang kawaos
ing saben dinten Sabat. [28] Punapadene
sanadyan boten manggih bab-bab ingkang
njalari kaukum pejah, ewasamanten sami
nyuwun sedanipun dhateng Sang Pilatus.
[29] Saha sasampunipun sami nglampahi sadaya
ingkang sinerat tumrap ing Panjenenganipun,
Panjenenganipun lajeng kaandhapaken saking
kajeng salib tuwin kasarekakaken. [30] Nanging
nunten kawungokaken dening Gusti Allah
saking antawisipun tiyang pejah, [31] sarta
ngantos sawatawis wekdal dangunipun
anggenipun ngatingal dhateng para ingkang
sami ndherek Panjenenganipun saking
tanah Galilea dhateng Yerusalem. Inggih
tiyang-tiyang punika ingkang sapunika sami
dados seksinipun wonten ing sangajengipun
umat punika. [32] Dene kula sadaya sapunika
sami martosaken kabar-kabingahan dhateng
panjenengan sadaya, inggih punika, bilih
prajanjian ingkang kaparingaken dhateng
para leluhur kita punika, [33] sampun dipun
tetepi dening Gusti Allah tumrap kita, para
turunipun, sarana anggenipun ngwungokaken

Gusti Yesus, kados ingkang kaseratan ing
masmur ingkang kaping kalih:

Sira iku PutraningSun!
Ingsun wus mutrakake Sira ing dina iki.

34 Gusti Allah sampun ngwungokaken
Panjenenganipun saking antawisipun tiyang
pejah saha boten badhe kapasrahaken
malih dhateng ing karisakan. Bab punika
kapratelakaken dening Pangeran wonten ing
pangandikanipun makaten:

Ingsun bakal netepi prajanji-prajanji kang suci
kang kena pinracaya tumrap sira,
kang wus Sunparingake marang Dawud.

35 Awit saking punika wonten ing masmur
sanesipun pangandikanipun makaten:

Paduka boten badhe masrahaken Abdi Paduka
ingkang suci dhateng karisakan.

36 Awit Sang Prabu Dawud nglampahi
karsaning Allah nalika ing jamanipun, lajeng
seda saha kasarekaken nunggil kaliyan para
leluhuripun, punapadene pancen kaulungaken
dhateng ing karisakan. 37 Nanging Gusti Yesus
ingkang kawungokaken dening Gusti Allah,
boten makaten. 38 Milanipun ndadosna ing
kauningan, para sadherek, margi saking
Panjenenganipun punika, panjenengan sadaya
sami kawartosan bab pangapuntening dosa,
39 saha wonten ing Panjenenganipun saben
tiyang ingkang pitados, kaluwaran saking
sadaya dosa; punika boten saged panjenengan
tampeni saking angger-anggeripun Nabi

Musa. 40 Milanipun sami kula aturi waspaos,
supados sampun ngantos kalampahan
tumrap panjenengan punapa ingkang sampun
kapangandikakaken wonten ing kitabipun para
nabi, ingkang suraosipun:
41 Dieling, heh wong kang padha watek
seneng ngremehake,
padha erama lan sirnaa,
sabab Ingsun nindakake pakaryan ing
jamanira, sawijining pakaryan, kang ora
bakal sira andel,
saupama dicaritakake marang sira."
42 Nalika Rasul Paulus lan Barnabas miyos,
wong-wong padha nyuwun supaya karo-
karone ing dina Sabat candhake karsa
paring pangandika maneh bab prakara mau.
43 Sarampunge nindakake pangibadah, wong
Yahudi lan para wong kang ngenut agama
Yahudi kang padha ngabekti marang Allah,
padha ndherek Rasul Paulus lan Barnabas;
rasul loro iku padha paring piwulang lan pitutur
marang wong-wong mau, supaya padha lestari
dumunung ana ing sajroning sih-rahmating
Allah.
44 Ing dina Sabat candhake meh wong
sakutha kabeh padha nglumpuk ngrungokake
pangandikaning Allah. 45 Nanging bareng
wong Yahudi padha weruh wong akeh iku,
banget panas atine lan padha madoni apa
kang dipangandikakake dening Rasul Paulus
kalawan ngala-ala. 46 Nanging Rasul Paulus
lan Barnabas kanthi kendel mangandikani:
"Pancen pangandikaning Allah iku kudu

diwartakake marang kowe kabeh dhisik,
nanging kowe padha nampik lan nganggep
ora pantes tampa urip langgeng. Mulane
aku banjur padha marani bangsa-bangsa
liya. 47 Sabab aku padha diparingi dhawuh
mangkene:

Sira wus Suntetepake dadi pepadhang
tumrap bangsa-bangsa kang ora wanuh
marang Allah,
supaya sira dadi marganing karahayon nganti
tumeka ing pungkasaning bumi."

48 Krungu kang mangkono iku, kabeh
wong kang ora wanuh marang Allah
padha bungah sarta padha ngluhurake
pangandikaning Pangeran, sarta kabeh
wong kang pinasthekake dening Allah tampa
urip langgeng, padha manjing pracaya.
49 Pangandikane Pangeran banjur kagiyarake
ing tanah kono kabeh.

Tindak menyang ing kutha Ikonium, Listra lan Derbe

13:50--14:20

50 Wong Yahudi padha ngojok-ojoki wanita-
wanita kang kajen keringan kang bekti ing
Allah sarta para panggedhe ing kutha kono lan
banjur nenangi panguya-uya marang Rasul
Paulus lan Barnabas, padha ditundhung saka
ing wewengkon kono. 51 Nanging Rasul Paulus
lan Barnabas nuli padha ngetabake lebu
ing sampeyane, minangka pameleh marang
wong-wong mau, banjur tedhak menyang

ing kutha Ikonium. [52] Dene para siswa ing
Antiokhia padha kapenuhan ing kabungahan
lan Roh Suci.

Rasul Paulus lan Barnabas sumingkir saka ing Ikonium

14:1-7

14 [1] Ana ing Ikonium rasul karone iya
lumebet ing papan-pangibadah wong
Yahudi lan memulang, satemah wong Yahudi
lan wong Yunani akeh kang padha manjing
pracaya. [2] Nanging wong-wong Yahudi kang
nampik pawartane, padha gawe panasing atine
wong-wong kang ora wanuh marang Allah
sarta gawe nepsune wong-wong mau marang
para sadulur. [3] Rasul Paulus lan Barnabas
lereb ana ing kono nganti sawatara mangsa,
padha memulang kanthi kendel, amarga
padha kumandel marang Gusti. Dene Gusti
nyantosakake pawarta bab sih-rahmate iku
kalawan paring panguwasa marang karone,
kanggo nganakake pratandha-pratandha
lan mukjijat-mukjijat. [4] Nanging wong akeh
ing kutha kono pecah dadi rong golongan;
ana kang nganut wong Yahudi, lan ana
kang nganut rasul karone. [5] Wong-wong
kang ora wanuh marang Gusti Allah lan
para wong Yahudi bebarengan karo para
pangarepe banjur padha wiwit nganakake
obah-obahan niksa lan mbenturi watu marang
rasul loro mau. [6] Bareng rasul-rasul mau
padha nguningani bab iku, banjur sumingkir

menyang ing kutha-kutha ing tanah Likaonia,
yaiku Listra lan Derbe sarta ing tlatah sakiwa
tengene. 7 Ana ing kono padha nggiyarake
Injil.

Rasul Paulus lan Barnabas ana ing kutha Listra arep disedani

14:8-20

8 Kacarita ing kutha Listra ana sawijining
wong kang mung linggih bae, jalaran sikile
apus, lumpuh wiwit lair lan durung tau bisa
lumaku. 9 Nalika Rasul Paulus memulang,
dheweke ngrungokake. Rasul Paulus mirsani
lan nguningani, yen wong mau kadunungan
pangandel sarta bisa diwarasake, 10 banjur
ngandika kalawan sora: “Ngadega jejeg!”
Wong mau banjur mak nyat ngadeg lan
lumaku mrana-mrene. 11 Bareng wong akeh
nyumurupi apa kang mentas ditindakake
dening Rasul Paulus, tumuli padha nguwuh-
uwuh nganggo basa Likaonia: “Dewa-dewa
wis padha tumedhak ing tengah-tengah
kita dadi manungsa.” 12 Rasul Barnabas
disebut Zeus dene Rasul Paulus diarani
Hermes, amarga kang ngandika. 13 Imaming
dewa Zeus, kang kabuyutane ana ing jaban
kutha, nuli teka ing sakethenging kutha
karo nggawa sapi-sapi lanang lan karangan
kembang kang arep dicaosake minangka
sajen, bebarengan karo wong akeh. 14 Mireng
kang mangkono iku Rasul Barnabas lan Rasul
Paulus banjur nyuwek-nyuwek pangagemane

lan lumajeng menyang ing satengahing
wong akeh iku kambi nguwuh-uwuh: [15] “Para
sadherek, kadospundi dene panjenengan kok
sami tumindak makaten? Kula punika sami
manungsa limrah kadosdene panjenengan
sadaya. Kula wonten ing ngriki punika prelu
ngabaraken Injil dhateng panjenengan,
supados panjenengan sami nilara tumindak
ingkang tanpa gina punika saha lajeng
mratobat dhateng Gusti Allah ingkang asipat
gesang, ingkang sampun nitahaken langit
kaliyan bumi saha saganten dalah saisinipun
sadaya punika. [16] Ing jaman ingkang sampun
kapengker sadaya bangsa anggenipun sami
lumampah ing marginipun piyambak, dipun
kendelaken kemawon dening Gusti Allah,
[17] nanging Panjenenganipun inggih tansah
ngatingalaken kamirahanipun, inggih punika
anggenipun maringi jawah sarta mangsa
mirah dhateng panjenengan sadaya saking ing
langit, sarta panggalih panjenengan tinuwukan
ing tedha lan kabingahan.” [18] Sanadyan para
rasul padha ngandika mangkono, ewadene
meh-meh bae ora bisa mekak anggone padha
caos kurban.

[19] Nanging banjur ana wong Yahudi kang
padha teka saka ing Antiokhia lan Ikonium,
kang padha mbebujuk wong akeh, wasana
Rasul Paulus banjur dibenturi watu lan kaseret
menyang ing sajabaning kutha, jalaran dikira
wis seda. [20] Nanging bareng karubung dening
para siswa, panjenengane nuli wungu lan
banjur lumebet ing kutha. Esuke banjur tindak

menyang ing Derbe bebarengan karo Rasul Barnabas.

Kondur menyang ing Antiokhia

14:21-28

21 Rasul Paulus lan Barnabas anggone
ngabarake Injil ana ing kutha kono oleh
siswa akeh, banjur wangsul menyang ing
Listra, Ikonium lan Antiokhia. 22 Ana ing
kono rasul karone padha nyantosakake
atine para siswa sarta paring piweling,
supaya padha mantep ing pracaya apadene
padha dipangandikani, yen anggon kita
lumebu ing Kratoning Allah iku, kalawan
nglakoni sangsara akeh. 23 Ana ing saben
pasamuwan para rasul mau padha netepake
pinituwa-pinituwa kanggo pasamuwan iku, lan
sawise ndedonga lan puwasa, para pinituwa
mau padha dicaosake marang Gusti, kang dadi
sumbering pracayane. 24 Sawuse mangkono
tumuli ndlajahi tanah Pisidhia kabeh lan banjur
rawuh ing tanah Pamfilia. 25 Ana ing kono
karone padha nggelarake pangandika ana ing
kutha Perga, banjur tindak menyang ing kutha
Atalia, ing pesisir. 26 Saka ing kono padha
layar menyang ing Antiokhia. Ana ing kono
anggone maune padha kacaosake marang
sih-rahmating Allah supaya wiwit nglakoni
ayahan, kang saiki wis dirampungake iku.
27 Sarawuhe ing kono banjur nglumpukake
pasamuwan, padha dicariyosi bab samubarang
kang wis katindakake dening Gusti Allah

lumantar panjenengane sakaliyan; apadene bab anggone Gusti Allah wus mengani lawanging pracaya marang bangsa-bangsa
liya. [28] Karone padha lereb ing kono nganti sawatara suwe, nunggil karo para siswa mau.

Parepatan ing Yerusalem

15:1-21

15 [1] Tumuli ana wong sawatara saka ing tanah Yudea teka ing Antiokhia, kang padha mulang marang para sadulur ing kono mangkene: "Manawi panjenengan sadaya boten sami nglampahi supit manut adat-tata-cara ingkang dipun warisaken dening Nabi Musa, panjenengan boten badhe
saged manggih karahayon." [2] Nanging Rasul Paulus lan Barnabas banget anggone padha suwala lan mbantah panemune wong-wong mau. Wekasane pasamuwan banjur mutus, Rasul Paulus lan Barnabas sarta warga pasamuwan liyane sawatara kautus menyang ing Yerusalem nemoni para rasul lan para tinituwa, prelu ngrembug bab mau.

[3] Para utusan mau diuntapake dening pasamuwan nganti tekan ing jaban kutha, banjur padha nerusake lakune ngliwati tanah Fenisia lan Samaria, sadalan-dalan padha ngundhangake pamratobate wong-wong kang padha ora wanuh marang Gusti Allah. Iki banget ndadekake bungahe para sadulur ing
kono. [4] Satekane ing Yerusalem, para utusan
padha ditampani dening pasamuwan lan

para rasul sarta para pinituwa, banjur padha
nyritakake samubarang kabeh kang wus
katindakake dening Gusti Allah lumantar saka
pandamele. 5 Nanging nuli ana wong sawatara
kang kalebu golonganing wong Farisi, kang
wis manjing pracaya, kang padha ngadeg lan
matur: “Ingkang sanes tiyang Yahudi kedah
dipun tetaki saha dipun wajibaken netepi
angger-anggeripun Nabi Musa.”
6 Para rasul lan para pinituwa banjur padha
nganakake parepatan, ngrembug prakara iku
mau. 7 Bareng wis sawatara suwe anggone
padha bebantahan, Rasul Petrus banjur
jumeneng sarta ngandika: “Para sadherek,
panjenengan sadaya sampun sami nguningani,
bilih sampun wiwit kala rumiyin mila kula kapiji
dening Gusti Allah saking ing antawis kita,
supados lumantar lesan kula bangsa-bangsa
sanes sami mireng pawartos bab Injil satemah
lajeng sami manjing pracaya. 8 Mangka
Gusti Allah ingkang nguningani manahing
manungsa, sampun kepareng nampeni
tiyang-tiyang wau, lajeng ugi sami kaparingan
Roh Suci kadosdene kita, 9 punapadene
Panjenenganipun babar pisan boten mawi
mbeda-mbedakaken tiyang-tiyang wau kaliyan
kita, sasampunipun nucekaken manahipun
sarana pitados. 10 Milanipun kadospundi dene
panjenengan sadaya sami nyobi dhateng Gusti
Allah kanthi patrap ngetrapaken rembatan ing
pundhakipun para siswa, ingkang leluhur kita
utawi kita piyambak boten kiyat ngrembat.
11 Kosokwangsulipun kita pitados, bilih

kita badhe tampi karahayon margi saking sih-rahmatipun Gusti Yesus Kristus kadosdene sadherek-sadherek punika.”
12 Kabeh sing padha marepat banjur padha meneng, tumuli padha ngrungokake critane Rasul Paulus lan Barnabas bab pratandha lan kaelokan kang ditindakake dening Gusti Allah lumantar rasul loro iku ana ing antarane bangsa-bangsa liya.

Pirembage Sang Pinisepuh Yakobus

15:13-21

13 Bareng Rasul Paulus lan Barnabas wis rampung anggone cariyos, Sang Pinisepuh Yakobus banjur ngandika: “Para sadherek, sami kula aturi mirengaken atus kula:
14 Sadherek Simon mentas nyariyosaken,
bilih wiwit-wiwitan mila Gusti Allah sampun ngatingalaken sih-rahmatipun, inggih punika anggenipun milih satunggaling bangsa saking antawisipun bangsa-bangsa sanes
wau kagem asmanipun. 15 Bab punika cocog
kaliyan pangandikanipun para nabi, ingkang kaseratan, wiraosipun:

16 Sawuse mangkono Ingsun bakal wangsul
sarta mbangun maneh tarube Dawud kang
wis rubuh,
lan jugrugane bakal Sunbangun maneh sarta
Sunsantosakake,
17 supaya wong-wong liyane kabeh padha
ngupaya marang Pangeran,

mangkono uga kabeh wong kang ora wanuh marang Gusti Allah,
kang Ingsun sebut kagunganingSun.
Mangkono pangandikane Pangeran, kang nindakake iku kabeh,
18 kang wus kauningan wiwit sakawit.
19 Awit saking punika pamanggih kula, kita sampun ngantos damel rekaosipun para sadherek saking bangsa-bangsa sanes, ingkang sami mratobat dhateng Gusti Allah.
20 Prayoginipun kita kintun serat dhateng sadherek-sadherek punika, supados sami nyirik tetedhan ingkang sampun kajemberaken dening brahala, saha nebihi lampah jina, punapadene nyirik dagingipun kewan tetakan
tuwin rah. 21 Amargi sampun wiwit jaman
rumiyin angger-anggeripun Nabi Musa punika kaundhangaken wonten ing saben kitha, saha dumugi sapriki ing saben dinten Sabat kawaos wonten ing papan-papan pangibadah.”

Pancasane Pasamuwan

15:22-34

22 Wasana para rasul tuwin para pinituwa sarta wong sapasamuwan kabeh padha mutus milih wong sawatara saka ing antarane kang bakal kautus menyang ing Antiokhia, bebarengan karo Rasul Paulus lan Barnabas, yaiku Yudas kang peparab Barsabas lan Silas. Iku wong kang padha kajen ana ing
antarane para sadulur. 23 Padha digawani
layang kang surasane: “Salam kula para

rasul saha para pinisepuh, sarta para
sadherek panjenengan, katur dhumateng
para sadherek ing Antiokhia, Siria lan Kilikia
ingkang aslinipun saking bangsa-bangsa
sanes. 24 Kula sampun sami mireng, bilih
wonten tiyang sawatawis panunggilan kula,
ingkang sami damel kejoting panggalih
saha damel kuwur panjenengan kalayan
piwulangipun, mangka boten sami kula weling.
25 Milanipun kula sampun sami sarembag saha
mutus kengkenan tiyang sawatawis manggihi
panjenengan sesarengan kaliyan sadherek
Barnabas tuwin Paulus ingkang kula tresnani,
26 inggih punika sadherek kalih ingkang
sampun masrahaken nyawanipun margi
saking asmanipun Gusti kita Yesus Kristus.
27 Wondene ignkang kula kengken sadherek
Yudas saha Silas, ingkang badhe ngaturaken
kalayan lesan piweling ingkang kaserat punika
dhateng panjenengan. 28 Amargi Sang Roh
Suci lan kula sampun damel putusan, supados
panjenengan sampun ngantos kabebahan
nglangkungi ingkang kaperlokaken: 29 Sami
nyirika sesajening brahala, rah saha daging
kewan tetakan, punapadene lampah jina.
Punika sadaya manawi sami panjenengan
singkiri, panjenengan sampun tumindak
sae. Namung samanten, mugi sami ginanjar
wilujeng.”

30 Bareng wis padha pamitan, Yudas lan Silas
padha mangkat menyang ing kutha Antiokhia.
Ana ing kono wong sapasamuwan banjur
marepat, layange nuli diaturake. 31 Bareng wis

diwaca, padha bungah awit oleh panglipur.
32 Anadene Yudas lan Silas, sarehne iya padha
nabi, mulane nganti sawatara suwe anggone
mituturi para sadulur lan nyantosakake atine.
33 Lan sawise ana ing kono sawatara mangsa,
banjur padha dililani bali dening para sadulur
menyang ing ngarsane kang ngutus kalawan
disangoni slamet. 34 Nanging Silas milaur keri
ana ing kono.

Rasul Paulus crah karo Barnabas

15:35-41

35 Rasul Paulus lan Barnabas anggone
ana ing Antiokhia nganti sawatara suwe
padha bebarengan lan wong akeh liyane
memulang sarta nggelarake pangandikane
Gusti. 36 Nanging bareng wis sawatara
lawase Rasul Paulus banjur ngandika marang
Barnabas: “Prayogane saiki padha bali niliki
para sadulur ing saben kutha, sing wis padha
kita sebari pangandikane Gusti, kapriye
kaanane.” 37 Barnabas kapengin uga ngajak
Yokanan kang apeparab Markus. 38 Nanging
Rasul Paulus pratela kalawan kenceng, ora
prayoga yen ta ngajak wong kang wus ninggal
lunga ana ing kutha Pamfilia lan ora gelem
diajak nyambut gawe bebarengan. 39 Bab iki
ndadekake dredahe sakarone, temahan padha
pepisahan. Barnabas ngajak Markus lan banjur
layar menyang Siprus. 40 Dene Rasul Paulus
milih Silas, lan sawise kasaosake dening para
sadulur marang sih-rahmate Gusti, 41 banjur

mangkat njajah ing tanah Siria lan Kilikia,
sarta nyantosakake pasamuwan-pasamuwan.

Timoteus ndherek Rasul Paulus

16:1-3

16 1 Rasul Paulus uga rawuh ing kutha
Derbe lan Listra. Ing kono ana
sawijining siswa jenenge Timoteus, embokne
wong Yahudi kang wus manjing pracaya, dene
bapakne wong Yunani. 2 Timoteus iku wus
kaseksenan becike dening para sadulur ing
kutha Listra lan ing kutha Ikonium. 3 Karsane
Rasul Paulus, iku dadia kanthine ing lampah.
Rasul Paulus banjur dhawuh supaya ditetaki
marga saka anane wong Yahudi kang padha
ana ing wewengkon kono, awit kabeh padha
sumurup, yen bapakne iku wong Yunani.

Rasul Paulus nyabrang menyang ing tanah Makedhonia

16:4-12

4 Sajrone njajah ing kutha-kutha iku Rasul
Paulus lan Silas padha masrahake pancasane
para rasul lan para pinituwa ing Yerusalem
kalawan piweling supaya diestokna. 5 Marga
saka mangkono pasamuwan-pasamuwan
padha kasantosakake pracayane lan saya
suwe saya wuwuh cacahe.

6 Kacarita lakune ngliwati tanah Frigia lan
tanah Galati. Tumuli diampah dening Sang
Roh Suci nggelarake Injil ana ing tanah Asia.

7 Satekane ing tanah Misia, banjur padha
ngangkah lumebu ing tanah Bitinia, nanging
Rohe Gusti Yesus ora marengake. 8 Bareng wis
ngliwati tanah Misia, banjur tekan ing kutha
Troas.
9 Bengine Rasul Paulus mirsani wahyu:
ana wong Makedhonia ngadeg lan matur
marang panjenengane: "Panjenengan kula
aturi nyabrang mriki saha mitulungi kula
sadaya!" 10 Bareng Rasul Paulus wis mirsani
wahyu mau, aku kabeh banjur padha ngarah
mangkat menyang ing tanah Makedhonia,
awit marga saka anane wahyu mau, aku
padha namtokake, yen Gusti Allah kang
nimbali kakarsakake nggelarake Injil marang
wong-wong ing kono.
11 Aku banjur padha mangkat nunggang
prau saka ing Troas, terus ngener ing pulo
Samotrake, lan esuke nuli menyang ing kutha
Neapolis. 12 Saka ing kono banjur padha
menyang ing kutha Filipi, kutha kawitan
ing jajahan tanah Makedhonia, sawijining
kutha-koloni Rum. Aku padha nginep ana ing
kutha kono sawatara dina.

Rasul Paulus ana ing kutha Filipi

16:13-18

13 Nalika ing dina Sabat aku padha menyang
ing sajabaning sakethenging kutha, lumaku
ing urut pinggiring kali, banjur mrangguli
papan pasembahyanganing wong Yahudi, kang
manut pangiraku ana ing kono. Sawise linggih,

aku nuli padha rembugan karo wong-wong
wadon kang padha kumpulan ana ing kono.
14 Ana sawijining wong wadon panunggalane,
jenenge Lidhia, kang melu ngrungokake. Iku
dadi bakul kain wungu, pinangkane saka ing
kutha Tiatira, wong kang bekti ing Allah. Atine
wis binuka dening Gusti, mulane migatekake
marang apa kang dipangandikakake dening
Rasul Paulus. 15 Sawise kabaptis sabrayat
pisan, banjur darbe atur mangkene: “Manawi
panjenengan sampun sami manggalih, bilih
kula saestu pitados dhateng Gusti, sumangga
sami kula aturi rawuh saha nyare ing griya
kula.” Mangka banget panggubele, nganti aku
kabeh kapeksa nuruti.

16 Ing sawijining dina nalika aku padha
menyang ing papan pasembahyangan iku,
aku padha nrenjuhi sawijining batur tukon
wadon kang dadi prewangan sarta kang njalari
lurah-lurahe oleh kauntungan akeh. 17 Iku
ngetutake Rasul Paulus lan aku kabeh kalawan
alok-alok, ujare: “Wong-wong iku abdine
Gusti Allah kang Mahaluhur, kang martakake
dalaning karahayon marang wong kabeh.”
18 Kang mangkono iku ditindakake nganti
pirang-pirang dina. Ananging bareng Rasul
Paulus wis ora tahan maneh marang anane
rubeda iku, nuli minger sarta dhawuh marang
roh iku: “Atas asmane Gusti Yesus Kristus,
dhawuhku marang kowe: Metua saka ing
wong wadon iki.” Sanalika iku uga roh mau iya
banjur metu.

Rasul Paulus lan Silas kalebokake ing pakunjaran

16:19-24

19 Kacarita bareng para lurahe wong wadon
mau weruh, yen wis ilang pangarep-arepe
bisane oleh pangasilan, banjur padha nyekel
Rasul Paulus lan Silas, padha diglandhang
menyang pasar katur ing pamarentah.
20 Sawuse padha diajokake marang ing
ngarsane para panggedhene kutha kono,
nuli padha matur: "Tiyang punika sami
nggegeraken nagari kita ngriki, amargi sami
tiyang Yahudi
21 sarta sami mulangaken
adat-tata-cara ingkang boten kenging kita
tampeni utawi kita lampahi, awit kita punika
tiyang Rum."
22 Anadene wong akeh iya
padha melu nglawan marang Rasul Paulus lan
Silas. Para panggedhening kutha mau banjur
dhawuh ndhedheli pangagemane sarta nyapu.
23 Sawuse disapu bola-bali banjur padha
dilebokake ing pakunjaran. Lurahe pakunjaran
didhawuhi njaga kang santosa.
24 Sarehne
mangkono prentahe, mulane sakarone nuli
dilebokake ing kamare pakunjaran kang ana
ing tengah dhewe, sarta padha kabelok sikile.

Lelurahing pakunjaran mratobat

16:25-34

25 Watara wayah tengah bengi Rasul
Paulus lan Silas padha ndedonga kalawan

ngidungake pamuji marang Gusti Allah, dene
wong ukuman liyane padha ngrungokake.
26 Dumadakan banjur ana lindhu gedhe,
talesing pakunjaran kongsi horeg; lan sanalika
iku uga lawang-lawang padha menga, lan
rantene wong kabeh padha ucul. 27 Lurahing
pakunjaran kaget tangi lan bareng weruh
lawange pakunjaran padha menga, banjur
ngunus pedhang arep nglalu, awit ngira
yen wong-wong ukuman wis padha mlayu.
28 Nanging Rasul Paulus tumuli nguwuh
seru, pangandikane: "Sampun mbilaeni
sarira, awit kula sadaya taksih wonten ing
ngriki!" 29 Lurah pakunjaran banjur njaluk
colok lan enggal-enggal lumebu apadene
nuli sumungkem ana ing ngarsane Rasul
Paulus lan Silas kalawan gumeter. 30 Tumuli
padha diirid metu, karo matur: "Dhuh, para
sadherek, punapa ingkang kedah kula lampahi,
supados wilujeng?" 31 Banjur dipangandikani:
"Kula aturi pitados dhateng Gusti Yesus
Kristus, temah panjenengan badhe wilujeng,
panjenengan dalah brayat panjenengan."
32 Banjur diwartani pangandikane Pangeran,
samono uga wong saisine omahe kabeh. 33 Ing
wektu iku uga sakarone padha disirami bilure,
sarta ing bengi iku uga lurah pakunjaran mau
dalah brayate padha kabaptis. 34 Sakarone
banjur didherekake menyang ing omahe lan
padha dicaosi pisegah. Lurah pakunjaran mau
banget bungahe dene dheweke lan kabeh
wong saisining omahe wis padha manjing
pracaya marang Gusti Allah.

Rasul Paulus lan Silas padha kaluwaran

16:35-40

35 Bareng raina para panggedhening
kutha banjur utusan punggawa-punggawa
nglantarake dhawuh marang lurahing
pakunjaran mangkene: “Wong loro iku
padha luwarana!” 36 Lurah pakunjaran
banjur nerusake dhawuh mau marang Rasul
Paulus, ature: “Para pangagenging kitha
sampun utusan, supados panjenengan sami
kaluwaran. Awit saking punika panjenengan
sami kula aturi tindak lan pangkat kanthi
wilujeng!” 37 Nanging Rasul Paulus banjur
paring pangandika marang wong-wong
mau: “Kula smai tiyang Rum dipun sapu
wonten ing ngajenganipun tiyang kathah
tanpa katiti-priksa, lajeng kalebetaken ing
pakunjaran. Sapunika kula sami kaluwaran
sidheman? Boten kenging makaten punika.
Para pangageng punika supados rawuh
piyambak ngirid kula medal.” 38 Para punggawa
mau banjur ngaturake bab iku marang para
panggedhening kutha. Iku bareng padha
mireng, yen Rasul Paulus lan Silas iku wong
Rum, temahan padha ajrih. 39 Banjur padha
rawuh nyuwun ngapura, tumuli karone diirid
medal sarta diaturi nilar kutha kono. 40 Karone
banjur nilar pakunjaran lan tindak menyang
ing omahe Lidhia, manggihi para sadulur ing
kono sarta sawuse paring panglipur, banjur
padha tindak.

Rasul Paulus lan Silas ana ing Tesalonika

17:1-9

17 1 Rasul Paulus lan Silas tumuli padha
nratas ing kutha Amfipolis lan kutha
Apolonia, banjur tekan ing kutha Tesalonika.
Ing kono ana papan pangibadahe wong
Yahudi. 2 Kaya adate Rasul Paulus nuli
lumebet mrono, sarta nganti telung Sabat
terus-terusan anggone reraosan karo wong
Yahudi bab perang-peranganing Kitab Suci
3 kalawan diterangake sarta dituduhake, yen
Sang Mesih iku kudu nandhang sangsara
lan wungu maneh saka ing antarane wong
mati, banjur ngandika: "Menggah Sang Mesih
punika inggih punika Gusti Yesus, ingkang
kula wartosaken dhateng panjenengan." 4 Ana
sawatara panunggalane wong-wong mau kang
padha yakin lan banjur manunggal karo Rasul
Paulus lan Silas sarta iya uga ana wong Yunani
sawatara akeh kang padha bekti ing Allah, lan
uga para wanita bangsa luhur ora sathithik.
5 Nanging wong-wong Yahudi iku padha
panas atine lan kalawan dibiyantu dening
wong ala panunggalane wong rucah sawatara,
padha gawe geger sarta ngisruhake kutha
kono. Wong-wong iku padha nempuh ing
omahe Yason, arep ngladekakake Rasul Paulus
lan Silas marang parepataning rakyat.
6 Nanging bareng padha ora ketemu, Yason lan
sadulur sawatara padha diglandhang menyang
ing ngarsane para panggedhening kutha,

kalawan nguwuh: “Tiyang-tiyang ingkang sami
sampun nggegeraken jagad sadaya punika ugi
sampun sami dumugi ing ngriki [7] tuwin Yason
punika nampeni tiyang-tiyang wau wonten
ing griyanipun. Tiyang punika sami nglawan
dhateng pranatan-pranatanipun Sang Nata
Agung, sami mratelakaken, bilih wonten ratu
sanesipun, inggih punika Yesus.” [8] Nalika wong
akeh lan para panggedhening kutha padha
krungu, banjur padha goreh atine. [9] Nanging
bareng Yason lan sadulur-sadulur liyane padha
tanggung, banjur padha dililani mundur.

Rasul Paulus lan Silas ana ing kutha Berea

17:10-15

[10] Nanging ing bengi iku uga Rasul Paulus
lan Silas diaturi dening para sadulur ing kono
supaya enggal tindak menyang ing kutha
Berea. Sarawuhe ing kono banjur padha
tindak menyang ing papan pangibadahe
wong Yahudi. [11] Wong-wong Yahudi ing kutha
kono atine padha luwih becik tinimbang para
wong Yahudi ing Tesalonika, sabab padha
nampani pangandika kalawan eklasing ati
sarta saben dina padha niti-priksa Kitab
Suci supaya bisa sumurup, apa iku kabeh
wis bener mangkono. [12] Akeh panunggalane
kang manjing pracaya; uga ora sathithik
panunggalane golongan kaputren lan kakung
luhur bangsa Yunani. [13] Nanging bareng
wong-wong Yahudi ing Tesalonika padha
ngreti, yen Rasul Paulus ana ing kutha Berea

uga martakake pangandikaning Allah, banjur
padha teka mrono ngobong lan nggorehake
atine wong akeh. [14] Nanging para sadulur
banjur padha ngaturi Rasul Paulus supaya
enggal tindak menyang ing pasisir sagara,
nanging Silas lan Timoteus isih padha keri ana
ing kutha Berea.
[15] Wong-wong kang ngeterake Rasul Paulus
padha ndherek tekan ing kutha Atena, banjur
padha bali kalawan diweling supaya Silas lan
Timoteus enggal padha nusul.

Rasul Paulus ana ing kutha Atena

17:16-21

[16] Rasul Paulus sajrone ngentosi ana ing
kutha Atena iku, banget sungkawa ing galih,
amarga nguningani nagara kono kebak
reca-reca brahala. [17] Awit saka iku ana ing
papan pangibadah banjur wawan pangandika
karo wong-wong Yahudi lan wong-wong
kang padha bekti ing Allah, apadene saben
dina ana ing pasar karo wong-wong kang
katrenjuh ana ing kono. [18] Uga ana ahli pikir
sawatara saka golongan Epikurus lan Stoa
kang padha sarasean karo panjenengane. Ana
kang ngucap: "Apa ta sing arep dikandhakake
tukang ngoceh iku?" Nanging liyane kandha:
"Sajake wong iku nggiyarake piwulange
dewa-dewa anyar." Sabab kang diwartakake
iku Injil bab Gusti Yesus lan patangen.
[19] Wong-wong mau banjur padha ngaturi
Rasul Paulus tindak menyang ing parepatan

ing Areopagus lan matur: "Punapa kula
sami kepareng mirengaken piwulang enggal
ingkang panjenengan wulangaken punika?
20 Amargi kula sami panjenengan wartosi
prakawis-prakawis ingkang aneh. Milanipun
kula sami kapengin mangretos, punapa
tegesipun punika sadaya." 21 Wong-wong
Atena lan wong-wong manca kang padha
manggon ing kono iku ora kober mrelokake
bab liyane kajaba mung ngandhakake lan
ngrungokake samubarang kang anyar.

Rasul Paulus memulang ana ing Areopagus

17:22-34

22 Rasul Paulus banjur jumeneng ana ing
Areopagus lan ngandika: "para sadherek
ing Atena, kula sumerep, bilih panjenengan
sadaya punika tumrap ing samukawis punapa
kemawon sakalangkung bekti dhateng para
dewa. 23 Amargi nalika kula mider-mider
wonten ing kitha panjenengan saha ningal-
ningali barang-barang ingkang panjenengan
pundhi-pundhi, kula inggih nrenjuhi misbyah
ingkang kaseratan makaten: Konjuk ing
dewa ingkang boten kasumerepan. Wondene
ingkang sami panjenengan sembah-sembah,
sanadyan panjenengan dereng tepang punika,
inggih punika ingkang badhe kula wartosaken.
24 Gusti Allah ingkang nitahaken jagad
saisinipun sadaya punika, sarehning jumeneng
Pangeraning langit lan bumi, pramila boten

dumunung wonten ing dalem damelaning
manungsa, [25] sarta ugi boten dipun ladosi
ing tanganing manungsa, kados wontena
kakiranganipun tumrap punapa-punapa,
amargi inggih Panjenenganipun punika
ingkang paring gesang saha ambekan sarta
samukawis kabetahan dhateng manungsa
sadaya. [26] Sadaya bangsa lan sadaya umat
kadadosaken dening Panjenenganipun
saking tiyang satunggal, supados sami
ngenggeni jagad punika sadaya punapadene
Panjenenganipun sampun namtokaken
mangsa-mangsa tuwin wates-watesing
pamanggenipun. [27] Punika supados tiyang
sami madosi Panjenenganipun saha mugi-
mugi saged kraos tuwin pinanggih kaliyan
Panjenenganipun, sanadyan Panjenenganipun
punika boten tebih kaliyan kita piyambak-
piyambak. [28] Jalaran kita punika gesang
wonten ing Panjenenganipun, kita ebah, kita
wonten, kadosdene ingkang ugi sampun
kapratelakaken dening para pujangga
panjenengan:

Sabab kita punika ugi sami trahipun Allah.

[29] Sarehning kita punika trahing Allah, mila
kita boten kenging gadhah pamanggih,
bilih kawontenanipun Gusti Allah punika
kadosdene jene utawi salaka utawi sela,
ingkang kawujudaken dening kagunan saha
kalangkunganipun manungsa. [30] Tanpa
ngengeti malih dhateng jaman kabodhoan
punika, Gusti Allah sapunika martosaken
dhateng manungsa, bilih wontena ing

pundi-pundi kemawon, sadaya tiyang kedah
mratobat. 31 Amargi Panjenenganipun sampun
namtokaken dinten anggenipun badhe
ngadili jagad ing saleresipun, lumantar
tiyang ingkang sampun kapiji, mawi dipun
yektosaken dhateng tiyang sadaya srana dipun
wungokaken saking antawisipun tiyang pejah."
32 Wong-wong mau bareng krungu bab tangine
wong mati, banjur ana kang padha moyoki,
lan ana liyane kang padha ngucap: "Sanes
wekdal kemawon kula sami badhe mirengaken
sesorah panjenengan bab punika malih."
33 Rasul Paulus banjur tindak saka ing tengahe
wong-wong mau. 34 Ewasamono iya ana wong
lanang sawatara kang manunggal karo Rasul
Paulus lan padha manjing pracaya, kayata
Dhionesius, warganing pradata Areopagus,
lan wong wadon kang aran Damaris, sarta
uga wong-wong liyane bebarengan karo
wong-wong mau.

Rasul Paulus ana ing kutha Korinta.

Akwila lan Priskila

18:1-11

18 1 Sawuse mangkono Rasul Paulus banjur
nilar kutha Atena, tindak menyang ing
kutha Korinta. 2 Ana ing Korinta ketemu karo
sawijining wong Yahudi jenenge Akwila, asale
saka ing tanah Pontus, kang lagi bae teka saka
ing tanah Italia karo Priskila, bojone, sabab
Sang Nata Agung Klaudius dhawuh, supaya

kabeh wong Yahudi lunga saka ing kutha
Rum. Rasul Paulus banjur tindak menyang ing
omahe, 3 sarta sarehne pagaweane padha,
banjur manggen tunggal sapamondhokan.
Karone nyambutgawe bebarengan, amarga
padha-padha tukang tarub. 4 Saben dina
Sabat Rasul Paulus memulang ana ing papan
pangibadah lan ngudi ngyakinake wong-wong
Yahudi lan wong-wong Yunani.
5 Bareng Silas lan Timoteus teka saka ing
tanah Makedhonia, Rasul Paulus bisa mligi
nyebar pangandika sarta paring paseksen
marang para wong Yahudi, yen Gusti
Yesus iku Sang Mesih. 6 Nanging bareng
wong-wong iku padha madoni lan nyenyamah,
panjenengane nuli ngetabake lebu kang ana
ing pangagemane tuwin ngandika: "Getihmu
nempuha marang awakmu dhewe; aku resik,
ora luput. Wiwit saiki aku bakal marani
bangsa-bangsa liya." 7 Sawuse mangkono
banjur miyos saka ing kono, lan banjur
tindak menyang ing omahe wong kang
aran Titius Yustus, kang ngabekti marang
Gusti Allah lan kang omahe sandhing papan
pangibadah. 8 Nanging Krispus, lelurahe papan
pangibadah, manjing pracaya marang Gusti
dalah sabrayate sarta akeh wong Korinta,
kang padha ngrungokake pangandikane Rasul
Paulus, banjur manjing pracaya, nuli padha
kabaptis.
9 Ing sawijining bengi Gusti ngandika marang
Rasul Paulus sarana wahyu: "Aja wedi! Terusna
anggonmu martakake pangandika lan aja

leren! 10 Amarga Aku nunggal karo kowe lan ora ana wong kang bakal nyekel lan nganiaya marang kowe, awit umatKu akeh ana ing kutha kene." 11 Mulane Rasul Paulus nganti sataun nem sasi anggone lereb ana ing kono sarta mulangake pangandikane Gusti Allah ana ing satengahe wong-wong ing kono.

Rasul Paulus ana ing ngarsane Gupernur Galio

18:12-17

12 Ananging bareng Sang Galio jumeneng gupernur ana ing tanah Akhaya, wong-wong Yahudi banjur sabiyantu nglawan Rasul Paulus, diirid marang ngarsane pangadilan, 13 ature: "Tiyang punika mbudidaya ngyakinaken tiyang-tiyang supados ngabekti dhumateng Gusti Allah kanthi patrap ingkang cengkah kaliyan angger-anggering Toret." 14 Bareng Rasul Paulus arep ngaturake panjawab, Sang Gupernur ngandika marang wong-wong Yahudi mau: "Heh, wong-wong Yahudi, saupama pandakwamu iku bab palanggaran utawa kadursilan, wis samesthine manawa aku nampani prakaramu, 15 nanging manawa ana parapadu bab tembung apa jeneng, apa angger-angger tumrap kowe kabeh, iku urusen dhewe; aku emoh ngakimi prakara kang mangkono iku." 16 Banjur padha ditundhung saka ing ngarsane pangadilan. 17 Wong iku kabeh banjur nyekel Sostenes, lelurahe papan pangibadah, lan digebugi ana ing ngarsane

pangadilan, nanging Sang Galio babar pisan ora mreduli bab iku.

Rasul Paulus kondur menyang ing Antiokhia

18:18-23

18 Rasul Paulus isih lereb sawatara dina
engkas ana ing kutha Korinta, banjur pamitan
marang para sadulur ing kono lan sawise paras
ana ing palabuhan Kengkrea, jalaran kagungan
nadar, tumuli bidhal layar menyang ing tanah
Siria. Priskila lan Akwila padha ndherek.
19 Bareng wis rawuh ing kutha Efesus, Priskila
lan Akwila ditilar dening Rasul Paulus ana
ing kono. Panjenengane piyambak lumebet
ing papan pangibadah lan wawan rembag
karo wong-wong Yahudi. 20 Iku padha darbe
panyuwun, supaya karsaa lereb sawatara
suwe ana ing kono, nanging ora disembadani.
21 Panjenengane pamitan kalawan ngandika:
"Kula badhe mriki malih, manawi Gusti Allah
ngarsakaken." Banjur mancal saka ing Efesus.
22 Bareng wis rawuh ing kutha Kaisarea banjur
mentas lan sawuse ngaturake salam marang
pasamuwan, nuli tindak menyang ing kutha
Antiokhia. 23 Sawuse lereb sawatara dina ana
ing kono, panjenengane banjur tindak maneh
njajah ing satanah Galati lan Frigia kabeh,
nyantosakake atine para siswa kabeh.

Apolos ana ing kutha Efesus

18:24-28

24 Nalika samana ana ing sawijining wong
Yahudi jenenge Apolos, asale saka ing kutha
Aleksandria, teka ing Efesus. Iku wong kang
micara lan putus ing Kitab Suci. 25 Dheweke
wis tampa piwulang bab Margining Pangeran.
Kalawan semangat sarta kalawan patitis
anggone nglairake piwulange bab Gusti Yesus,
nanging kang disumurupi mung bab baptise
Nabi Yokanan. 26 Anggone wiwit memulang
kalawan kendel ana ing papan pangibadah.
Nanging bareng Priskila lan Akwila krungu,
Apolos banjur diajak menyang ing omahe sarta
diwenehi katrangan kanthi cetha lan tliti bab
Margining Allah. 27 Sarehning Apolos kapengin
menyang ing tanah Akhaya, sadulur-sadulur
ing Efesus nuli kirim layang marang para siswa
ing kono, supaya ditampanana. Satekane
ing Akhaya, marga saka sih-rahmate Gusti
Allah banjur dadi wong kang migunani banget
tumrap para wong kang padha pracaya.
28 Awitdene tanpa leren anggone madoni
wong-wong Yahudi ana ing ngarepe wong
akeh sarta nelakake saka ing Kitab Suci, yen
Gusti Yesus iku Sang Mesih.

Rasul Paulus ana ing kutha Efesus

19:1-12

19 [1] Nalika Apolos isih ana ing Korinta,
Rasul Paulus wis ndlajahi tanah-tanah
pagunungan lan rawuh ing kutha Efesus.
Ana ing kono panjenengane ketemu karo
siswa sawatara. [2] Iku padha dipangandikani
mangkene: "Punapa panjenengan sampun
sami nampeni Sang Roh Suci, nalika sami
manjing pitados?" Nanging banjur padha
matur: "Dereng, malah kula dereng nate
sami mireng, bilih Sang Roh Suci punika
wonten." [3] Rasul Paulus nuli ndangu:
"Manawi makaten, panjenengan sami
kabaptis ngangge baptis punapa?" Atur
wangsulane: "Ngangge baptisipun Nabi
Yokanan." [4] Pangandikane Rasul Paulus:
"Nabi Yokanan punika anggenipun mbaptis
ngangge baptising pamratobat, sarta lajeng
ngandika dhateng tiyang kathah, bilih kedah
pitados dhateng ingkang rawuhipun ngantuni,
inggih punika Gusti Yesus." [5] Nalika padha
krungu bab iku, banjur padha kabaptis ing
asmane Gusti Yesus. [6] Lan nalika Rasul Paulus
numpangi asta wong-wong mau, banjur padha
katedhakan Sang Roh Suci sarta padha wiwit
calathu nganggo basa warna-warna tuwin
padha medhar wangsit. [7] Wong-wong mau
gunggunge kira-kira ana rolas.

[8] Sajroning telung sasi Rasul Paulus rawuh
ing papan pangibadah lan memulang kanthi

tatag; sarana pirembagan-pirembagan
mbudi-daya supaya padha kadunungan
kayakinan bab Kratoning Allah.
9 Ananging
bareng ana sawatara kang puguh lan tetep ora gelem diyakinake, malah ngala-ala Margining Pangeran ana ing ngarepe wong akeh, Rasul Paulus banjur nilar wong-wong mau, para siswane dipisah saka ing kono, sarta ing saben dinane memulang ana ing papan kuliyahe Tiranus.
10 Bab iki ditindakake rong taun
lawase, temahan wong saisining tanah Asia kabeh padha ngrungokake pangandikane Gusti, wonga Yahudi, wonga Yunani.

11 Gusti Allah ngawontenake mukjijat-
mukjijat kang ngedab-edabi lumatar Rasul
Paulus,
12 malah nganti kacu utawa lawon kang
tau diagem dening Rasul Paulus ditumpangake ing wong lara, temahan mari larane sarta dhemite padha metu.

Anak-anake Skewa

19:13-20

13 Ana sawenehe wong Yahudi sawatara,
tukang njapani ideran, kang padha nyoba nyebut asmane Gusti Yesus kanggo wong kang kasurupan dhemit, kalawan ngucap: “Kowe daksupatani atas asmane Gusti Yesus, kang diwartakake dening Rasul Paulus.”
14 Wong-wong kang nindakake mangkono
iku pitu, anake pangareping imam Yahudi,
kang jeneng Skewa.
15 Nanging dhemite
mangsuli: “Kang asma Yesus iku aku wis

wanuh, lan Rasul Paulus aku wis weruh,
nanging kowe, sapa kowe iku?” 16 Wong kang
kasurupan dhemit iku banjur nubruk marang
wong-wong mau, padha kalah rosa, mulane
kalah, temahan kalawan kawudan lan ketaton
padha lumayu saka ing omahe wong iku.
17 Bab iku kasumurupan dening kabeh wong
ing Efesus, wong Yahudi lan wong Yunani,
temah kabeh padha ketaman ing wedi, sarta
asmane Gusti Yesus dadi saya kondhang.
18 Akeh wong panunggalane kang wis padha
manjing pracaya, kang padha teka lan ngaku
ana ing ngarepe wong akeh, yen wis padha
tau nglakoni mangkono. 19 Uga akeh wong
panunggalane kang wis tau nindakake sikir,
kang banjur nglumpukake buku-bukune lan
diobong ana ing ngarepe wong akeh. Ajine
buku-buku iku ditaksir ana seket ewu dhuwit
salaka. 20 Marga saka mangkono pangandikane
Gusti saya sumebar lan saya unggul.

Demetrius nganakake pageger

19:21-41 (19:21-40)

21 Sawise kalakon iku mau kabeh Rasul
Paulus kagungan karsa arep tindak menyang
Yerusalem nglangkungi tanah Makedhonia lan
Akhaya. Pangandikane: “Sawise mrono aku
iya kudu weruh kutha Rum.” 22 Banjur utusan
pambantune loro, yaiku Timoteus lan Erastus,
kadhawuhan ndhisiki menyang ing tanah
Makedhonia, dene panjenengane piyambak
kantun ana ing tanah Asia sawatara mangsa.

23 Kacarita kira-kira ing wektu iku tuwuh
pageger gedhe marga saka Margining
Pangeran. 24 Awit ana sawijining kemasan
jenenge Demetrius, kang pangupajiwane gawe
pepethan salaka kabuyutane Dewi Artemis. Iku
ngolehake kauntungan ora sathithik marang
wong kang padha nunggal sapagawean.
25 Wong-wong iku padha diklumpukake
dalah para tukang-tukange kang tunggal
sapanggaotan sarta padha dituturi mangkene:
"He, para sadulur, kowe kabeh padha sumurup,
yen karaharjanku kabeh iku marga saka
panggaotan iki! 26 Mangka saiki kowe padha
sumurup lan krungu, nyen Paulus iki ora mung
ana ing Efesus bae, nanging uga meh ana
ing saindenging tanah Asia, wis mbebujuk
lan nasarake wong pirang-pirang kalawan
mratelakake, yen apa kang digarap dening
tanganing manungsa iku dudu dewa. 27 Marga
saka iku ora mung panggaotan kita bae kang
bakal ana sajroning bebaya bakal diremehake
ing wong, nanging uga kabuyutane Sang
Artemis, dewi agung iku, bakal tanpa teges.
Lan Sang Artemis piyambak, Sang Artemis
kang disembah-sembah dening wong-wong
sa-Asia kabeh lan wong sajagad kang wis
maju, bakal sirna kaluhurane." 28 Wong-wong
mau bareng krungu kang mangkono iku banjur
padha banget nepsune, sarta padha nguwuh-
uwuh: "Agung Sang Artemis, sesembahane
wong Efesus!" 29 Kaanan ing sakutha kabeh
banjur dadi kisruh, wong-wong kabeh padha
gumrudug menyang ing gedhong-tontonan

lan ngglandhang Gayus sarta Aristarkhus,
iku padha wong Makedhonia, kang padha
lelungan bebarengan karo Rasul Paulus.
30 Bareng Rasul Paulus arep tindak menyang
ing satengah-tengahing wong akeh iku,
dipenggak dening para siswane. 31 Malah
ana panggedhe sawatara kang asale saka
ing tanah Asia, kang wis dadi mitrane Rasul
Paulus, iku padha utusan ngengetake marang
panjenengane, supaya aja tindak menyang ing
gedhong-tontonan. 32 Kocapa wong-wong kang
padha nglumpuk ana ing gedhong iku padha
bengok-bengok, ana kang nguwuh mangkene,
ana kang nguwuh mangkono, sabab kaanane
kumpulan iku kisruh ora karuwan, kang
akeh malah ora padha sumurup apa prelune
nglumpuk iku. 33 Banjur ana wong kang
jenenge Aleksander kang dipurih maju dening
wong-wong Yahudi. Iku tampa katrangan
saka wong akeh bab apa kang kalakon.
Iku banjur kumlawe tangane, arep aweh
katrangan minangka panjawab marang wong
akeh iku. 34 Nanging bareng wong-wong padha
mangreti, yen iku wong Yahudi, banjur padha
nguwuh-uwuh bebarengan nganti suwene
kira-kira rong jam: “Agung Sang Artemis,
sesembahane wong Efesus!” 35 Nanging tumuli
disirep dening panitraning kutha, pangucape:
“Heh, wong-wong Efesus! Sapa ta kang ora
ngreti, yen kutha Efesus iku kang rumeksa
marang kabuyutane Dewi Artemis, kang
mahaagung, sarta recane kang tumurun saka
ing langit? 36 Bab iku ora kena dipadoni,

mulane sadulur kabeh, sing padha tentrem lan aja kesusu tumandang. [37] Dene mungguh wong-wong kang padha kokgawa mrene iku ora ngrampog kabuyutane sesembahan kita sarta ora nyenyamah asmane. [38] Dadi manawa Demetrius lan tukang-tukange duwe prakara karo sawijining wong, rak wis ana pangadilan lan ana gupernur, dadi cikben padha gugat-ginugat ana ing kono. [39] Dene yen ana bab liyane kang kokkarepake, iku prayogane dirampungake ana ing parepataning rakyat kang absah. [40] Amarga kita padha sumelang, yen nganti ana pandakwa, yen anggon kita ing dina iki padha nuwuhake pageger iki, ora ana dhasare kang kena kanggo mbenerake anane kumpulan kang kisruh ora karu-karuwan iki.” [41] (19-40b) Kalawan pitutur mangkono iku anggone mbubarake kumpulan rakyat mau.

Rasul Paulus saka ing tanah Makedhonia menyang ing kutha Troas.

Eutikhus mati kauripake

20:1-12

20 [1] Bareng pagegere wis sirep, Rasul Paulus tumuli nimbali para siswa padha disantosakake atine lan swise pamitan banjur bidhal menyang ing tanah Makedhonia; [2] ndlajahi talatah kono sarta nyantosakake atine para sadulur ing kono kalawan pitutur akeh-akeh. Banjur rawuh ing tanah Yunani. [3] Sawuse telung sasi ana

ing kono panjenengane arep layar menyang
ing tanah Siria. Nanging ing nalika iku
wong-wong Yahudi padha ngrantam arep
nyedani panjenengane. Mulane wangsule
karsa miyos ing tanah Makedhonia. 4 Tindake
didherekake dening Sopater anake Pirus, wong
ing kutha Berea, Aristarkhus lan Sekundus,
karone wong ing kutha Tesalonika, Gayus saka
ing kutha Derbe, Timoteus lan wong loro saka
ing tanah Asia, yaiku Tikhikus lan Trofimus.
5 Nanging iku padha mangkat dhisik lan
ngenteni aku kabeh ana ing Troas. 6 Nanging
sawise riyaya Roti Tanpa Ragi aku kabeh padha
mancal saka ing kutha Filipi lan sawise patang
dina tekan ing kutha Troas lan ketemu karo
sadulur-sadulur mau kabeh. Ana ing kono aku
padha nginep pitung dina. 7 Nalika ing dina
kapisan ing minggu iku, aku padha nglumpuk
nyuwil-nyuwil roti. Rasul Paulus reraosan karo
para sadulur ing kono, jalaran karsane arep
bidhal esuke. Anggone ngandikan iku nganti
wanci tengah wengi. 8 Ing gedhong ing dhuwur
kang padha dakanggo kumpulan iku, akeh
damare. 9 Ing kono ana wong nom-noman
jenenge Eutikhus, linggih ing cendhela.
Sarehne Rasul Paulus suwe banget anggone
ngandikan wong anom mau ora bisa nahan
ngantuke. Wasana banjur keturon, temahan
tiba saka ing tataran katelu. Bareng digotong,
wong mau wis mati. 10 Nanging Rasul Paulus
banjur mandhap, ngrungkebi wong anom iku,
dirangkul kalawan ngandika: “Wis aja padha
ribut, dheweke isih urip.” 11 Bareng wangsul

minggah, Rasul Paulus banjur nyuwil-nyuwil roti lan dhahar, isih ngandikan maneh nganti suwe, nganti wanci bang-bang wetan, banjur bidhal. [12] Nalika samana wong-wong padha ngeterake jejaka mau menyang ing omahe, wis urip, temahan kabeh padha banget lipure.

Saka ing kutha Troas menyang ing palabuhan Miletus

20:13-16

[13] Aku padha ndhisiki nunggang prau lan layar menyang ing palabuhan Asos. Ana ing kono anggonku bakal padha methuk Rasul Paulus, awit piwelinge mangkono, dene panjenengane piyambak ngarsakake tindak miyos ing dharatan. [14] Bareng wis kapethuk karo aku ana ing Asos, banjur dakdherekake menyang kapal, tumuli mbacutake lelayaran menyang ing kutha Metilene. [15] Sawise mancal saka ing kono, esuke tekan ing sangarepe pulo Khios. Ing dina candhake aku padha menyang ing pulo Samos lan let sadina maneh tekan ing palabuhan Miletus. [16] Amarga Rasul Paulus wis ngrancang ora bakal mampir ing kutha Efesus supaya aja kesuwen ana ing tanah Asia. Sabab karsane ngenggalake tindake, supaya sabisa-bisa ing dina riyaya Pentekosta wis rawuh ing kutha Yerusalem.

Rasul Paulus pamitan marang para pinituwane pasamuwan ing Efesus

20:17-38

17 Marga saka iku Rasul Paulus banjur
utusan wong saka Miletus menyang ing
Efesus nimbali para pinituwane pasamuwan.
18 Satekane padha dipangandikani mangkene:
"Kowe padha sumurup, kapriye anggonku
pitepungan karo kowe wiwit tekaku ana ing
tanah Asia iki: 19 anggonku kalawan andhap
asor ngabdi marang Gusti. Sajroning pangabdi
iku aku kerep banget ngetokake eluh nganti
carocosan sarta ngalami pangrencanane
wong Yahudi pirang-pirang, kang arep mateni
aku. 20 Sanadyan mangkono, aku ora tau
nglirwakake apa kang migunani tumrap
kowe kabeh. Kabeh wus dakcaritakake lan
dakwulangake marang kowe, ana ing ngarepe
wong akeh utawa ana ing pakumpulan-
pakumpulan ing omahmu; 21 aku tansah
ngyakinake marang wong-wong Yahudi lan
Yunani, supaya padha mratobata marang
Gusti Allah sarta padha pracayaa marang
Gusti kita Yesus Kristus. 22 Nanging ing saikine
aku lelaku menyang Yerusalem kayadene
tawanane Sang Roh, aku ora ngreti apa kang
bakal kalakon tumraping aku ana ing kana
23 saliyane kang diwedharake dening Sang Roh
Suci marang aku ana sawiji-wijining kutha,
yen aku bakal kakunjara lan sinangsara.
24 Ananging aku sathithik bae ora ngetung

marang nyawaku, angger aku bisa nutugake
lakuku lan ngrampungake bubuhan kang
kaparingake marang aku dening Gusti Yesus,
iya iku nekseni bab Injile sih-rahmating Allah.
25 Apadene saiki aku sumurup, yen kowe bakal
padha ora weruh aku maneh, kowe kabeh
kang wus padha dakparani dakwartani bab
Kratoning Allah. 26 Mulane ing dina iki aku
pratela marang kowe kalawan temen-temen,
manawa aku resik, ora kaluputan marang sapa
bae kang bakal nemu karusakan. 27 Sabab aku
ora nglirwakake ing bab martakake karsaning
Allah kabeh marang kowe. 28 Mulane padha
reksanen awakmu sarta pepanthan kabeh,
amarga kowe kang padha dipiji dening Sang
Roh Suci dadi pamong kang kakarsakake
ngengon pasamuwaning Allah kang kadarbe
sarana rahe kang Putra piyambak 29 Aku
sumurup, yen saungkurku bakal ana asu ajag
kang galak kang padha nekani kowe lan kang
ora ngeman marang pepanthan mau. 30 Malah
saka ing antaramu bakal ana wong kang
padha muncul lan mulangake bab kang sulaya,
pamurihe supaya bisa nggendeng para siswa
saka ing dalan kang bener tuwin banjur padha
ngenut marang wong-wong mau. 31 Mulane
sing padha waspada lan padha eling-elingen,
yen aku telung taun lawase, anggonku rina
wengi ora kendhat-kendhat kalawan luh
mituturi marang kowe dhewe-dhewe. 32 Dene
saiki kowe padha dakpasrahake marang
Gusti lan pangandikaning sih-rahmate, kang
kuwasa mbangun kowe lan ngganjar marang

kowe bagean kang katamtokake tumrap
kabeh wong kang wis kasucekake dening
Panjenengane. 33 Salaka utawa emas utawa
sandhangan, aku ora tau kepengin, saka
sapa bae. 34 Kowe dhewe padha sumurup,
yen kalawan tanganku dhewe anggonku
nyambut-gawe amrih bisane oleh apa kang
dadi kabutuhanku sarta kabutuhane para kang
padha melu aku. 35 Tumrap ing sadhengah
prakara aku wis aweh tuladha marang kowe,
yen wong padha kawajiban nyambut-gawe
mangkono kagawe mbiyantu wong-wong kang
sekeng sarta kudu eling marang pangandikane
Gusti Yesus, sabab Panjenengane piyambak
wis ngandika: "Rahayu wong weweh,
katimbang karo nampani. 36 Sawuse ngandika
mangkono Rasul Paulus banjur jengkeng
lan ndedonga bebarengan karo wong-wong
mau kabeh. 37 Wong kabeh padha nangis
senggruk-senggruk lan banjur padha
ngrangkul Rasul Paulus kalawan ngambungi
bola-bali. 38 Kabeh padha susah apa maneh
marga ana pangandikane, yen bakal padha
ora sumurup marang pasuryane maneh. Nuli
padha nguntapake panjenengane menyang
ing prau.

Rasul Paulus ana ing kutha Tirus lan ing kutha Kaisarea

21:1-14

21 1 Kacarita sawuse aku padha pepisahan
kalawan rasa kang abot banget iku, aku

banjur padha mancal terus ngener menyang
ing pulo Kos. Esuke tekan ing pulo Rodos
lan saka ing kono aku nuli padha menyang
ing kutha Patara. 2 Ana ing kono oleh prau,
kang bakal menyang ing tanah Fenisia. Aku
padha nunggang prau iku lan banjur mangkat.
3 Sawuse mangkono ing sisih kiwa katon pulo
Siprus, nanging mung padha dakliwati bae
sarta banjur terus layar menyang ing tanah
Siria. Wasana tekan ing kutha Tirus, jalaran
momotaning prau dibongkar ana ing kono.
4 Ana ing kono aku padha nemoni para siswa
sarta nginep ana ing kono pitung dina. Marga
saka padha kawisik dening Roh, para siswa
mau padha nyaosi pamrayoga marang Rasul
Paulus, supaya aja tindak menyang Yerusalem.
5 Nanging bareng wis kliwat wektune, aku
banjur padha mangkat mbanjurake lakuku.
Para siswa saanak bojone padha nguntapake
aku nganti tekan ing jaban kutha; ana ing
gisik aku padha jengkeng ndedonga. 6 Sawise
pamitan aku padha munggah ing prau, dene
wong-wong mau kabeh padha mulih menyang
ing omahe dhewe-dhewe.
7 Saka ing kutha Tirus aku padha menyang
ing kutha Ptolemais, nuli padha mentas. Aku
banjur padha sesalaman karo para sadulur
sarta lereb sadina ana ing panggonane.
8 Esuke aku padha mangkat saka ing kono
lan banjur tekan ing kutha Kaisarea, njujug
ing daleme Sang Filipus, juru-Injil, yaiku
panunggalane kang pitu, kang kapilih ana ing
Yerusalem. Aku padha nginep ana ing kono.

9 Sang Filipus iku kagungan putra estri papat,
isih prawan, kang padha ginanjar bisa medhar
wangsit. 10 Sawise lereb sawatara dina ana ing
kono, ana sawijining nabi kang rawuh saka
ing tanah Yudea, asmane Nabi Agabus. 11 Iku
manggihi aku kabeh, banjur mundhut ageme
peningset Rasul Paulus, diagem nangsuli
sampeyane lan astane piyambak kalawan
ngandika: "Pangandikane Sang Roh Suci:
Kang kagungan paningset iki bakal kabesta
mangkene iki dening wong-wong Yahudi ing
Yerusalem sarta bakal kapasrahake marang
tangane bangsa-bangsa liya." 12 Krungu kang
mangkono iku aku kabeh dalasan para siswa
ing panggonan kono banjur padha matur
marang Rasul Paulus, supaya aja tindak
menyang ing Yerusalem. 13 Nanging Rasul
Paulus maringi wangsulan mangkene: "Yagene
kowe padha nangis lan gawe trenyuhing
atiku? Amarga aku wis cumandhang, ora
ngemungake dibanda bae, malah sanadyan
nganti dipateni pisan ana ing Yerusalem
marga saka asmane Gusti Yesus." 14 Sarehne
ora karsa ndhahar aturku kabeh, aku iya
banjur mung sumarah sarta ngucap: "Karsane
Pangeran muga kalampahana!"

Rasul Paulus rawuh ing Yerusalem manggihi Yakobus lan para pinituwa

21:15-26

15 Bareng ana ing kutha Kaisarea wis
sawatara dina, aku nuli padha tata-tata sarta

banjur mangkat menyang Yerusalem. [16] Para
siswa ing Kaisarea iya ana sawatara kang
padha melu, ngeterake aku kabeh menyang
ing omahe sawijining siswa lawas kang aran
Manason, wong saka ing Siprus, kang bakal
dakpondhoki.
[17] Nalika aku padha teka ing Yerusalem,
kabeh sadulur nampani aku kalawan
bungahing ati. [18] Esuke Rasul Paulus tindak
bebarengan karo aku menyang ing daleme
Sang Pinisepuh Yakobus; kabeh para pinituwa
wis padha ana ing kono. [19] Sawise sesalaman,
Rasul Paulus banjur nyaritakake kalawan
wijang apa kang wus katindakake dening
Allah ana ing antarane bangsa-bangsa
liya sarana pangabdine. [20] Krungu kang
mangkono iku, kabeh padha ngluhurake Gusti
Allah. Banjur padha matur marang Rasul
Paulus: "Sadherek, panjenengan nguningani,
bilih tiyang Yahudi ewon ingkang sampun
sami manjing pitados saha sami sregep
nabereni ing angger-angger. [21] Ananging
tiyang-tiyang wau sami mireng pawartos
bab panjenengan mulang dhateng sadaya
tiyang Yahudi ingkang sami manggen ing
satengahing bangsa-bangsa sanes, supados
sami nilar angger-anggeripun Nabi Musa,
sami panjenengan penging sampun ngantos
netaki anak-anakipun tuwin manut tata-cara
kita. [22] Mila lajeng kadospundi sapunika?
Tamtu sami badhe mireng bilih panjenengan
sampun rawuh mriki. [23] Awit saking punika,
sumangga kula aturi nindakaken ingkang kula

aturaken punika: Ing antawis kita wonten
tiyang sakawan ingkang sami gadhah nadar.
24 Punika kula aturi ngajak sesarengan sesuci,
sarta kula aturi nyanggi wragadipun, supados
sami saged cukur rambut. Margi saking
makaten, tiyang sami badhe saged sumerep,
bilih sadaya pawartos bab panjenengan
ingkang sami dipun pireng punika boten nyata
babar pisan saha bilih panjenengan lestantun
netepi angger-anggering Toret. 25 Wondene
bangsa-bangsa sanes, ingkang sampun sami
manjing pitados, punika sampun sami kula
kintuni serat, ingkang isi putusan kita, inggih
punika: bilih kedah sami nyirik tetedhan,
sesajening brahala, rah, daginging kewan
tetakan, punapa dene lampah jina.” 26 Ing
dina candhake Rasul Paulus banjur ngajak
wong-wong mau lan sawise sesuci bebarenga,
nuli padha lumebu ing Padaleman Suci sarta
pratela, yen pundhate dina pasucene iku besuk
samasa kurbane sawiji-wijine wus kasaosake.

Rasul Paulus kacepeng

21:27-36

27 Nalika ngarepake pundhate pitung dinane,
wong-wong Yahudi kang teka saka ing tanah
Asia padha weruh Rasul Paulus ana ing
Padaleman Suci, banjur nggegerake rakyat lan
nyekel panjenengane, 28 karo nguwuh-uwuh:
“He, wong-wong Israel, tulung! Iki wonge
sing ana ing ngendi-endi mulang marang
wong-wong supaya nglawan bangsa kita lan

angger-anggering Toret sarta panggonan
iki! Lan saikine dheweke ngajak wong-wong
Yunani lumebu ing Padaleman Suci lan
najisake panggonan suci iki!”
29 Amarga
sadurunge padha sumurup Trofimus wong
Efesus bebarengan karo Rasul Paulus ana
ing kutha lan ngira, yen diajak Rasul Paulus
lumebu ing Padaleman Suci.
30 Wong sakutha
kabeh padha geger, wong akeh padha teka
kumrubut lan banjur nyekel Rasul Paulus,
diseret metu saka ing Padaleman Suci sarta
sanalika iku uga lawanging Padaleman Suci
padha diinebake.

31 Nalika wong-wong mau padha ngrancang
arep nyedani panjenengane, panggedhening
wadya-bala mireng kabar, yen wong sakutha
Yerusalem padha geger.
32 Iku banjur ngajak
wadya-balane dalasan opsir-opsire marani
wong akeh mau. Bareng wong-wong padha
nyumurupi rawuhe panggedhe sawadya-
balane iku, banjur leren anggone nggebugi
Rasul Paulus.
33 Panggedhe mau nyelaki
Rasul Paulus, kang banjur dicepeng sarta
dibesta nganggo rante rangkep loro tuwin
ndangu, sapa panjenengane iku lan apa kang
ditindakake.
34 Nanging wong akeh iku ana
kang nguwuh mangkene ana kang mangkono.
Sarehne marga saka gegere wong, panggedhe
mau ora bisa mangretos apa kang sabenere
kalakon, mulane banjur dhawuh nggawa
Rasul Paulus menyang ing beteng.
35 Bareng
tekan ing undhak-undhakan, Rasul Paulus
kapeksa diusung dening para prajurit, marga

saka akehe wong kang ngebyuk sek-sekan,
36 gumrudug nututi karo nguwuh-uwuh:
“Kasirnakna tiyang punika!”

Rasul Paulus nyuwun idin, keparenga medhar pangandika

21:37-40

37 Nalika Rasul Paulus arep digawa lumebu
menyang ing beteng, panjenengane matur
marang panggedhening prajurit mau: “Punapa
kepareng matur dhateng panjenengan?”
Wangsulane: “Kowe kok bisa basa Yunani!
38 Dadi kowe iku dudu wong Mesir, kang
durung suwe iki nuwuhake pambrontakan lan
mlayokake brandhal patang ewu kang asikep
gegaman, menyang ing ara-ara-samun?”
39 Wangsulane Rasul Paulus: “Kula punika
tiyang Yahudi, saking Tarsus, warga kitha
ingkang misuwur ing tanah Kilikia. Kula
nyuwun kalilana wicanten dhateng tiyang
kathah punika.”
40 Bareng Rasul Paulus wis dililani dening
panggedhening prajurit mau, banjur jumeneng
ing undhak-undhakan, tumuli kumlawe astane
murih sirepe wong akeh mau. Bareng wis
padha sirep, panjenengane banjur ngandika
ing basa Ibrani mangkene:

Pamedhar sabdane Rasul Paulus marang wong-wong Yahudi

22:1-22

22 1 “Para sadherek saha bapak-bapak,
sumangga sami kula aturi mirengaken
panjawab kula dhateng panjenengan
sapunika.” 2 Nalika wong akeh krungu anggone
ngandika ing basa Ibrani, saya mundhak
sirepe. Panjenengane banjur ngandika: 3 “Kula
punika tiyang Yahudi, kalairan ing Tarsus ing
tanah Kilikia, nanging kagulawenthah wonten
ing kitha ngriki, kawulang kalayan taliti ing
bab netepi angger-anggeripun para leluhur
kita wonten ing ngarsaning sampeyanipun
Sang Gamaliel, matemah kula lajeng dados
tiyang ingkang meleng ing pangabekti
dhumateng Gusti Allah, kados panjenengan
sadaya punika. 4 Punapa dene tiyang-tiyang
ingkang sami ngenut margi punika sami
kula kuya-kuya ngantos pejah; jaler-estri
sami kula cepengi tuwin kula pasrahaken
dhateng ing pakunjaran. 5 Menggah prakawis
punika panjenenganipun Imam Agung saha
Pradata Pinisepuh sapepakipun sami saged
paring paseksen, kula inggih kaparingan
serat-serat kangge para sadherek ing kitha
Dhamsyik, lajeng kesah mrika badhe nyepengi
tiyang-tiyang ing ngriku, ingkang sami ngenut
margi punika, sami bahde kula bekta dhateng
ing Yerusalem supados sami kaukum.

6 Nanging sareng lampah kula sampun celak
ing kitha Dhamsyik, inggih punika ing wanci
tengange, dumadakan wonten cahya ingkang
gumebyar saking langit nglimputi kula. 7 Kula
lajeng dhawah ing siti saha mireng swara
ingkang ngandika dhateng kula makaten:
Saulus, Saulus, yagene sira nganiaya marang
Ingsun? 8 Atur wangsulan kula: Paduka punika
sinten, Gusti? Pangandikanipun: Ingsun iki
Yesus saka ing Nasaret, kang sira kuya-kuya.
9 Tiyang-tiyang ingkang sami sesarengan
kaliyan kula, inggih sumerep cahya wau,
nanging swaraning Panjenenganipun ingkang
ngandika dhateng kula, punika sami boten
mireng. 10 Kula lajeng munjuk: Gusti, punapa
ingkang kedah kawula lampahi? Paring
wangsulanipun Gusti dhateng kula: Ngadega,
mangkata menyang ing kutha Dhamsyik.
Ana ing kana sira bakal diparingi sumurup,
apa kang bakal kabubuhake marang sira.
11 Sarehning kula boten saged ningali, jalaran
saking kenging cahya ingkang mblerengi
mripat wau, mila kanca-kanca ingkang tunggil
lampah kaliyan kula lajeng nyepeng tangan
kula, kula katuntun dhateng Dhamsyik.
12 Ing ngriku wonten satunggaling tiyang
ingkang nama Ananias, tiyang ingkang manut
angger-anggering Toret saha kaseksenan
sae wonten ing satengahing sadaya tiyang
Yahudi ingkang wonten ing ngriku. 13 Punika
dhateng saha ngadeg ing sacelak kula
tuwin wicanten: Saulus, sadulur, meleka
lan bisaa ndeleng! Sanalika punika ugi

kula saged ningali malih saha nyumerepi
piyambakipun. [14] Piyambakipun lajeng
wicanten: Allahe leluhur kita wus netepake
kowe supaya nyumurupi karsane, nyumurupi
Kang Bener sarta krungu swara kang miyos
saka ing lesane. [15] Sabab kowe pinasthi dadi
seksine ana ing ngarepe wong kabeh ing
bab samubarang kang wus kokdeleng lan
kokrungu. [16] Lan saiki kapriye, dene kowe isih
mangu-mangu? Ngadega, lan kababtisa sarta
dosamu karesikana kalawan nyebut asmane
Gusti!

[17] Sasampunipun makaten kula lajeng
wangsul dhateng Yerusalem lan nalika kula
saweg ndedonga wonten ing Padaleman
Suci, roh kula linimputan ing panguwaosipun
Allah. [18] Kula ningali Panjenenganipun,
ingkang lajeng ngandika dhateng kula:
Dienggal, mangkata saka ing Yerusalem
dienggal, amarga wong-wong ora bakal
nampani paseksenira ing bab Ingsun. [19] Atur
wangsulan kula: Gusti, tiyang-tiyang punika
sami sumerep, bilih kawula punika ingkang
ndhatengi papan-papan pangibadah saha
ingkang nglebetaken tiyang-tiyang ingkang
sami pitados dhateng Paduka dhateng ing
pakunjaran sarta ingkang nyapu tiyang-tiyang
wau. [20] Salajengipun nalika rahipun Stefanus,
seksi Paduka kawutahaken, kawula wonten
ing ngriku, saha kawula ngrujuki pandamel
punika, punapa dene kawula nengga
panganggenipun tiyang-tiyang ingkang sami
mejahi. [21] Nanging pangandikanipun Gusti

dhateng kula: Mangkata, sabab Ingsun bakal
ngutus sira adoh, menyang ing panggonane
bangsa-bangsa liya."
22 Rakyat ngrungokake Rasul Paulus nganti
tekan pangandikane kang mangkono iku,
nanging sawise iku banjur wiwit nguwuh-
uwuh: "Tiyang punika kasirnakna saking ing
bumi, boten pantes gesang!"

Ana ing beteng

22:23-29

23 Wong-wong mau terus bae anggone
bengok-bengok karo nguncalake jubahe
sarta nyawur-nyawurake lebu mandhuwur,
24 mulane panggedhening prajurit banjur
dhawuh nglebokake Rasul Paulus menyang ing
beteng sarta mriksa lan nyapu panjenengane,
supaya bisa kasumurupan apa sababe
dene wong-wong iku padha bengok-bengok
mangkono ing bab panjenengane.
25 Nanging
nalika Rasul Paulus dilumahake arep disapu,
panjenengane banjur ngandika marang opsir
kang nglakoni wajib: "Punapa panjenengan
dipun parengaken nyapu warganagari Rum,
punapa malih tanpa dipun adili?"
26 Krungu
katrangan mangkono iku, opsir mau banjur
lapur marang panggedhening prajurit,
ature: "Punapa ingkang badhe panjenengan
tindakaken? Tiyang punika warganagari Rum?"
27 Panggedhening prajurit banjur murugi Rasul
Paulus lan ndangu: "Pratelaa, apa bener kowe
iku warganagara Rum?" Atur wangsulane

Rasul Paulus: "Inggih." [28] Panggedhe prajurit
banjur ngandika maneh: "Anggonku dadi
warganagara Rum iku sarana tuku kalawan
rega akeh." Rasul Paulus mangsuli: "Nanging
kula gadhah wewenang punika margi saking
kalairan kula." [29] Wasana wong-wong kang
kawajiban nyapu nuli enggal-enggal mundur.
Dene panggedhe prajurit iku iya wedi, bareng
ngreti, yen Rasul Paulus iku wong Rum,
mangka panjenengane kang dhawuh mbanda.

Rasul Paulus ana ing ngarsane Pradata Agama

22:30--23:11

[30] Ewasamono panggedhe prajurit mau
kapengin nguningani kalawan tliti apa kang
dadi pandakwane wong-wong Yahudi marang
Rasul Paulus. Mulane esuke dhawuh nimbali
Rasul Paulus saka ing pakunjaran lan dhawuh,
supaya pangarepe imam lan Pradata Agama
nglumpuk. Banjur dhawuh ngirid Rasul Paulus
saka beteng diladekake marang ngarsane
Pradata mau.

23 [1] Rasul Paulus banjur mandeng marang
para warganing Pradata Agama sarta
matur: "Para sadherek, ngantos dumugi
dinten punika kula tetep gesang kalayan
raosing manah ingkang resik wonten ing
ngarsaning Allah." [2] Nanging Imam Agung
Ananias dhawuh marang wong-wong kang
padha ngadeg cedhak Rasul Paulus, supaya
napuk tutuke Rasul Paulus. [3] Rasul Paulus

nuli mangsuli, ature: “Gusti Allah badhe
napuk panjenengan, he, tembok ingkang
ingusar pethak. Panjenengan lenggah
wonten ing ngriki badhe ngadili kula miturut
angger-anggering Toret, nanging panjenengan
nerak angger-anggering Toret, jalaran dhawuh
napuk kula.” 4 Wong-wong kang padha ana ing
kono calathu: “Kowe iku nyenyamah marang
Imam-Agunging Allah!” 5 Paring wangsulane
Rasul Paulus: “O, para sadherek, kula boten
mangretos bilih panjenenganipun punika
Sang Imam Agung. Pancen wonten seratan
makaten: Sira aja ngucapake tembung ala
marang panggedhening bangsamu!” 6 Sarehne
panjenengane mirsa, yen wartaning Pradata
iku ana kang kalebu golonganing wong Saduki
lan ana kang kalebu golonganing wong Farisi,
mulane banjur nguwuh ana ing ngarsaning
Pradata Agama: “Para sadherek, kula punika
tiyang Farisi; kula dipun ladosaken dhateng
ing ngarsaning Pradata punika, jalaran kula
ngajeng-ajeng dhateng tanginipun tiyang
pejah.” 7 Bareng panjenengane ngandika
mangkono, wong-wong Farisi lan wong-wong
Saduki padha dredah satemah wong akeh
banjur pecah dadi rong golongan. 8 Amarga
wong Saduki iku padha nganggep, yen
patangen iku ora ana lan iya ora ana malaekat
utawa roh, balik wong Farisi nganggep
loro-lorone. 9 Mulane banjur dadi rame banget.
Ana ahli Toret sawatara saka golongan Farisi
kang maju sarta madoni kalawan keras ujare:
“Tumrap kula, tiyang punika boten gadhah

kalepatan! Bokmanawi wonten roh utawi
malaekat ingkang sampun mangandikani
piyambakipun.” 10 Temahan kaanan ing
kono saya kisruh banget. Panggedhening
prajurit kuwatir, manawa Rasul Paulus nganti
disempal-sempak dening wong-wong mau,
mulane nuli dhawuh marang prajurit-prajurit,
supaya padha mundhun ngrebut Rasul Paulus
saka ing satengahing wong akeh lan digawa
menyang ing beteng.
11 Bengine Gusti rawuh jumeneng ana
ing sandhinge lan ngandika marang
panjenengane: “Sing teteg atinira, sabab
kaya dene anggonira kalawan kendel nekseni
Ingsun ana ing Yerusalem, mangkono uga sira
iya prelu nekseni ana ing kutha Rum.”

Wong-wong Yahudi padha komplotan

23:12-22

12 Bareng wis raina wong-wong Yahudi
nganakake komplotan lan sumpah kalawan
nyupatani awake dhewe, ora bakal mangan
utawa ngombe sadurunge nyedani Rasul
Paulus. 13 Gunggunge wong kang padha
komplotan iku patang puluh luwih. 14 Iku
padha nemoni para pangareping imam lan
para pinituwane bangsa Yahudi lan pratela:
“Kula sampun sami sumpah kalayan nyupaosi
badan kula piyambak, boten badhe nedha
utawi ngombe saderengipun mejahi Paulus.
15 Awit saking punika mugi panjenengan
sadaya sesarengan kaliyan Pradata Agami

karsaa ngaturi rembag dhateng pangagenging
prajurit supados ngladosaken Paulus dhateng
ing ngarsa panjenengan malih, kados-kados
panjenengan badhe mriksa prakawisipun
ingkang langkung tliti, wondene kula sadaya
mangke sampun sami mirantos badhe mejahi
piyambakipun saderengipun dumugi ing
ngarsa panjenengan."
[16] Nanging kaponakane Rasul Paulus, putrane
kang rayine putri, krungu bab rancangan
cegatan iku lan banjur menyang beteng.
Bareng wis diparengake mlebu, nuli matur
bab mau marang Rasul Paulus. [17] Rasul Paulus
tumuli ngaturi sawijining opsir lan matur:
"Lare punika kula aturi nyowanaken dhateng
ing ngarsaning pangagengipun prajurit,
jalaran wonten prakawis ingkang prelu
dipun uningakaken ing panjenenganipun."
[18] Opsir iku banjur nyowanake bocah mau
menyang ing ngarsane panggedhening
prajurit lan matur: "Kula dipun undang
Paulus, tahanan punika, dipun tedhani tulung
supados nyowanaken lare anem punika
dhateng ing ngarsa panjenengan, awit wonten
bab ingkang prelu dipun aturaken dhateng
panjenengan." [19] Panggedhening prajurit
mau banjur nganthi bocahe diajak mangiwa,
nuli didangu: "Apa kang arep koklapurake
marang aku?" [20] Wangsulane: "Tiyang-tiyang
Yahudi sampun sami sarujuk badhe nyuwun
dhateng panjenengan, supados benjing-enjing
panjenengan ngladosaken Bapak Paulus
malih dhateng ing ngarsaning Pradata Agami,

kados-kados Pradata wau kapengin angsal katrangan ingkang langkung taliti saking piyambakipun.
21 Nanging panjenengan sampun ngantos midhangetaken tiyang-tiyang wau, amargi wonten panunggilanipun ingkang cacahipun langkung saking kawan dasa, ingkang smapun mirantos badhe nyegat piyambakipun. Tiyang-tiyang wau sampun sami sumpah kalawan nyupaosi badanipun piyambak boten badhe nedha saha ngombe saderengipun mejahi piyambakipun. Sapunika sampun sami mirantos, kantun ngentosi putusan panjenengan.”
22 Panggedhe prajurit banjur dhawuh marang bocah anom mau supaya mulih kalawan dipangandikani mangkene: “Kowe aja kandha-kandha marang sapa-sapa, yen kowe wis nglapurake bab iki marang aku.”

Rasul Paulus kapindhah menyang ing kutha Kaisarea

23:23-35

23 Sawuse mangkono panggedhe prajurit mau banjur nimbali opsir loro sarta didhawuhi mangkene: “Cawisna prajurit rong atus kang bakal menyang ing Kaisarea karo prajurit jaranan pitung puluh sarta prajurit kang asikep gegaman tumbak rong atus, kira-kira jam sanga bengi iki.
24 Cawisna uga kuldi tunggangan sawatara kanggo Paulus, iku sowanna marang ngarsane Sang Walinagara

Feliks.” 25 Nuli damel serat, kang surasane
mangkene:
26 “Sembah kula, Klaudius Lisias, katur ing
ngarsanipun Ingkang Minulya Sang Walinagara
Feliks.
27 Tiyang punika dipun cepeng dening
tiyang-tiyang Yahudi. Sareng badhe dipun
pejahi, kula lajeng dhateng kalayan
mbekta wadya-bala prelu menggak saha
ngluwari piyambakipun, awit kula mireng,
bilih tiyang punika warganagari Rum.
28 Amrih sagedipun nyumerepi punapa
sabab-sababing pandakwanipun dhateng
tiyang wau, lajeng kula ladosaken dhateng
Pradataning Agaminipun. 29 Tumrap kula lajeng
sampun cetha, bilih pandawanipun punika
gegayutan kaliyan angger-anggering Toretipun
tiyang-tiyang wau, namung kemawon boten
wonten pandakwa ingkang njalari kenging
paukuman pejah utawi kedah kalebetaken
ing pakunjaran. 30 Salajengipun kula tampi
palapuran, bilih wonten komplotan ingkang
badhe mejahi piyambakipun. Awit saking
punika kula lajeng enggal-enggal kengkenan
nyowanaken piyambakipun dhateng ing
ngarsa panjenengan. Wondene para ingkang
sami ndakwa sampun sami kula ken, supados
sami ngajengakaken prakawis punika dhateng
panjenengan.”
31 Para prajurit banjur padha nindakake kaya
kang kadhawuhake. Rasul Paulus ing wektu
bengi digawa menyang ing kutha Antipatris.
32 Esuke para prajurit jaranan padha dikon

mbacutake lakune karo Rasul Paulus, dene
liyane padha bali menyang beteng. 33 Satekane
ing kutha Kaisarea, para prajurit jaranan
ngaturake layange lan masrahake Rasul Paulus
marang walinagara. 34 Bareng wis maos layang
mau, walinagara nuli ndangu marang Rasul
Paulus, asale saka ing propinsi ngendi. Bareng
mireng, yen Rasul Paulus saka ing tanah
Kilikia, 35 banjur ngandika: "Aku bakal mriksa
prakaramu, yen wong sing padha ndakwa
marang kowe wis teka ing kene." Banjur
dhawuh, supaya Rasul Paulus ditahan ana ing
kratone Sang Prabu Herodhes.

Rasul Paulus ana ing ngarsane Sang Feliks

24:1-27

24 1 Bareng wis limang dina Imam Agung
Ananias rawuh bebarengan karo
pinituwa lan juru ngemban prakara, jenenge
Tertulus. Iku padha sowan ing ngarsane
walinagara sarta ngaturake pandakwane
marang Rasul Paulus. 2 Rasul Paulus
ditimbali maju, dene Tertulus banjur wiwit
ngaturake panggugate, unjuke: "Dhuh, Sang
Minulya Feliks, margi saking pambudi-daya
panjenengan kula sadaya tansah ngraosaken
karaharjan saha jalaran saking kawicaksanan
panjenengan, kathah sanget ewah-ewahan
ingkang sae ingkang tumindak kangge bangsa
kula. 3 Bab punika sadaya wontena ing pundi
kemawon tansah kula tampi kalayan genging
panuwun. 4 Nanging supados sampun ngantos

kadangon anggen kula ngribedi dhumateng
panjenengan, kula nyuwun, mugi panjenengan
karsaa midhangetaken atur kula sakedhap
kemawon kalayan panggalih panjenengan
ingkang sampun misuwur kaluberanipun
punika. 5 Menggah ing kula sadaya sampun
tetela, bilih tiyang punika dados penyakit
pes, tiyang ingkang nuwuhaken karuwedan
wonten ing satengahing tiyang Yahudi sajagad,
saha bilih piyambakipun punika satunggaling
pangajengipun golongan tiyang Nasarani.
6 Malah sampun nyobi ngrisak kasucening
Padaleman Suci. Awit saking punika lajeng
kula cepeng saha badhe kula adili manut
angger-anggering Toret kula. 7 Nanging
pangageng prajurit Lisias lajeng rawuh
nyegah saha ngrebat piyambakipun kanthi
roda-peksa, 8 sarta dhawuh, supados sadaya
tiyang ingkang ndakwa sami sowan ing ngarsa
panjenengan. Wondene manawi panjenengan
mriksa piyambak, tamtu badhe nguningani
sadaya prakawis ingkang kula gigataken
punika." 9 Lan wong-wong Yahudi iya padha
nyarujuki pandakwa iku lan matur, yen pancen
dhasar mangkono.
10 Sang Walinagara banjur paring sasmita
marang Rasul Paulus, yen wis diparengake
ngaturake panjawab. Rasul Paulus banjur
matur: "Kula sumerep, bilih sampun
taun-mataun anggen panjenengan ngasta
pangadilan tumrap bangsa punika. Milanipun
tanpa raos mangu-mangu anggen kula
badhe ngaturaken panjawab tumrap prakawis

punika wonten ing ngarsa panjenengan:
11 Panjenengan saged nguningani, bilih
boten langkung saking kalih welas dinten
ingkang kapengker punika anggen kula
dhateng ing kitha Yerusalem prelu nindakaken
pangibadah. 12 Boten nate wonten tiyang
ingkang nyumerepi kula saweg dredah
utawi ngawontenaken pageger, punapa
wonten ing Padaleman Suci, punapa wonten
ing papan pangibadah utawi wonten ing
panggenan sanes ing salebeting kitha punika.
13 Saha tiyang-tiyang punika boten saged
mbuktekakaken wonten ing ngarsa panjenengan,
punapa ingkang sapunika kagigataken tumrap
kula punika. 14 Namung kemawon kula
ngakeni wonten ing ngarsa panjenengan,
bilih kula ngabekti dhateng Allahipun leluhur
kula kalayan ngenut Margining Pangeran
punika, inggih punika Margi ingkang dipun
wastani sekte dening tiyang-tiyang punika.
Kula ngugemi sadaya ingkang kaserat ing
angger-anggering Toret saha ing kitabipun
para nabi. 15 Kula gadhah pangajeng-ajeng
dhateng Gusti Allah, sami ugi kaliyan
tiyang-tiyang punika, bilih badhe wonten
patangenipun tiyang pejah, tiyang ingkang
mursid utawi tiyang mursal. 16 Awit saking
punika kula tansah ngudi gesang kalayan
raosing manah ingkang murni wonten ing
ngarsaning Allah saha wonten ing ngajenging
manungsa. 17 Sareng sampun sawatawis
taun dangunipun, kula wangsul dhateng
Yerusalem prelu badhe nyukani dana dhateng

bangsa kula saha saos pisungsung. [18] Nalika
kula saweg nindakaken punika sadaya,
wonten tiyang Yahudi sawatawis ingkang
dhateng saking tanah Asia, sami nrenjuhi kula
wonten ing Padaleman Suci, sasampunipun
kula nucekaken badan kula, boten kaliyan
tiyang kathah utawi boten nuwuhaken
pageger. [19] Inggih tiyang-tiyang punika
ingkang pancenipun kedah sowan ing ngarsa
panjenengan saha ngajengaken panggigat,
manawi gadhah prakawis kaliyan kula.
[20] Ewasamanten inggih sampun kajengipun
tiyang-tiyang ingkang wonten ing ngriki
sapunika punika sami munjuk, piawon punapa
ingkang pinanggih wonten ing kula, nalika
kula wonten ing ngarsaning Pradata Agami.
[21] Punapa bokmanawi namung margi saking
pangucap kula, nalika kula ngadeg wonten ing
satengahing tiyang-tiyang wau, inggih punika:
Margi saking bab patangenipun tiyang-tiyang
pejah, kula ing dinten punika dipun ladosaken
wonten ing ngarsa panjenengan."
[22] Nanging Sang Feliks, kang wis nguningani
temenan bab Margining Pangeran, karsane
ngundur prakara iku, pangandikane: "Yen
panggedhe prajurit Lisias wis mrene, aku bakal
mutus prakaramu." [23] Banjur dhawuh marang
opsir, supaya Rasul Paulus tetep ditahan,
nanging kalawan tahanan kang entheng,
sarta para mitrane kang padha ngladeni, aja
dipenggak.
[24] Let sawatara dina Sang Feliks rawuh karo
garwane, Sang Putri Drusila, putri Yahudi,

banjur dhawuh nimbali Rasul Paulus sarta
nuli midhangetake katrangane bab pracaya
marang Gusti Yesus Kristus. 25 Nanging
nalika Rasul Paulus matur bab kasampurnan,
bab ngendhaleni diri, lan bab pangadilan
kang bakal kalakon, Sang Feliks banjur
rumaos ajrih, nuli ngandika: "Cukup samene
bae dhisik, saiki mundura; besuk yen aku
pinuju sela, kowe bakal daktimbali maneh."
26 Karodene panjenengane ngajeng-ngajeng
tampia dhuwit saka Rasul Paulus, mulane
kerep ditimbali diajak ngandikan. 27 Nanging
bareng wis ganep rong taun, Sang Feliks
digentosi Sang Perkius Festus lan kanggo
nyenengake atine wong Yahudi, Sang Feliks
nglestarekake Rasul Paulus katahan ana ing
pakunjaran.

Rasul Paulus ana ing ngarsane Sang Festus.

Nyuwun munggah ing pangadilane Sang Nata Agung

25:1-12

25 1 Telung dina sawise rawuh ing
propinsi, Sang Festus banjur tindak
saka ing Kaisarea menyang ing Yerusalem.
2 Para pangareping imam lan wong-wong
Yahudi kang kajen keringan padha sowan
lan ngaturake pandakwane marang Rasul
Paulus 3 sarta nyuwun kamurahan, kang
gawe kojure Rasul Paulus, yaiku supaya

Rasul Paulus didhawuhi menyang Yerusalem.
Sabab wong-wong mau padha ngrancang
arep nyedani panjenengane ana ing dalan.
4 Nanging Sang Festus paring wangsulan,
yen Rasul Paulus tetep ditahan ana ing
Kaisarea, dene panjenengane piyambak bakal
enggal-enggal kondur mrana. 5 Pangandikane:
"Mulane wong-wong panunggalanmu kang
padha nyekel panguwasa supaya padha
mrana bebarengan karo aku lan ngajokake
pandakwane, manawa ana kaluputane."
6 Sang Festus anggone lereb ana ing
Yerusalem ora luwih saka wolu utawa sapuluh
dina, banjur kondur menyang Kaisarea. Esuke
panjenengane lenggah ing pangadilan lan
dhawuh ngladekake Rasul Paulus. 7 Bareng
Rasul Paulus wis disowanake, kabeh wong
Yahudi kang teka saka ing Yerusalem padha
ngadeg ngepung lan ngaturake gugatan
akeh kang abot tumrap panjenengane kang
ora bisa dibuktekake dening wong-wong
mau. 8 Kosok-baline Rasul Paulus ngaturake
panjawab mangkene: "Kula sakedhik
kemawon boten lepat, punapa dhateng
angger-anggering Toretipun tiyang Yahudi,
punapa dhateng Padaleman Suci utawi
dhateng Sang Nata Agung." 9 Ewadene sarehne
Sang Festus karsa ngepek atine wong Yahudi,
nuli maringi wangsulan marang Rasul Paulus,
pangandikane: "Apa kowe saguh menyang
Yerusalem, supaya diadili ana ing kana ana ing
ngarepku bab prakara iki?" 10 Nanging Rasul
Paulus matur: "Sapunika kula wonten ing

ngarsaning pangadilanipun Sang Nata Agung,
kula kedah dipun adili wonten ing ngriku.
Kadosdene ingkang sampun panjenengan
uningani saestu, sakedhik kemawon kula boten
kalepatan dhateng tiyang Yahudi. 11 Dados,
manawi kula saestu lepat lan nindakaken
piawon ingkang pantes kaukum pejah,
kula eklas pejah, nanging manawi punapa
ingkang kagigataken tumrap kula punika
kabukten boten leres, boten wonten tiyang
ingkang wenang masrahaken kula dhateng
tiyang-tiyang punika kadosdene ganjaran.
Kula nyuwun minggah dhateng pangadilanipun
Sang Nata Agung!" 12 Bareng wis karembag
karo para warganing pangadilan, Sang Festus
banjur ngandika: "Kowe nyuwun munggah
marang Sang Nata Agung, yen mangkono
kowe kudu sowan ing ngarsane Sang Nata
Agung."

Rasul Paulus ana ing ngarsane Sang Prabu Agripa lan Sang Putri Bernike

25:13-27

13 Let sawatara dina Sang Prabu Agripa
karo Sang Putri Bernike rawuh ing Kaisarea
karsa mbagekake Sang Festus. 14 Sarehne
lereb ana ing kono sawatara dina, Sang
Festus nyariyosake prakarane Rasul Paulus
marang Sang Nata, ature: "Ing ngriki wonten
satunggaling tiyang tahanan ingkang dipun
tilar Feliks, nalika tindak. 15 Kala kula wonten
ing Yerusalem, para pangajenging imam

saha para pinisepuhipun tiyang Yahudi
sami nggigat piyambakipun saha nyuwun,
supados tiyang punika dipun ukum. 16 Kula
mangsuli, bilih tiyang Rum boten gadhah
adat masrahaken dakwa kadosdene ganjaran,
saderengipun ajeng-ajengan kaliyan ingkang
sami ndakwa saha dipun lilani ngaturaken
panjawab tumrap gigatanipun. 17 Milanipun
tiyang-tiyang wau lajeng sami tumut mriki
sesarengan kaliyan kula. Enjingipun kula
lajeng ngawontenaken parepatan pangadilan
saha aken ngladosaken tiyang punika.
18 Nanging sareng tiyang-tiyang ingkang sami
nggigat ngadeg ngupengi piyambakipun, sami
boten ngajengaken gigatan bab pandamel
awon, kados panginten kula. 19 Tiyang-tiyang
wau namung sami padudon ing bab-bab
ingkang gegayutan kaliyan agaminipun saha
satunggalipun tiyang ingkang nama Yesus,
ingkang sampun pejah, mangka Paulus
mratelakaken, bilih Piyambakipun gesang.
20 Sarehning kula kewedan anggen kula
mriksa prakawis ingkang kados makaten
punika, kula lajeng naros piyambakipun,
punapa purun dhateng Yerusalem, supados
prakawisipun dipun adili wonten ing ngrika.
21 Nanging Paulus nginggahaken prakawisipun.
Piyambakipun nyuwun, supados lestantun
dipun tahan, ngantos prakawisipun kaputus
dening Sang Nata Agung. Milanipun lajeng kula
dhawuhaken, supados tiyang punika lestantun
katahan ngantos saged kula sowanaken
dhateng ing ngarsanipun Sang Nata Agung."

22 Sang Prabu Agripa ngandika marang
Sang Festus: “Kula kapengin mirengaken
paturanipun tiyang punika piyambak.” Atur
wangsulane Sang Festus: “Benjing-enjing
panjenengan badhe mindhangetaken.”
23 Esuke Sang Prabu Agripa lan Sang
Putri Bernike padha rawuh kalayan upacara
kaprabon sarta bareng wis lumebet ing
gedhong pangadilan bebarengan karo
para panggedhening wadya-bala lan para
panggedhe ing kono, Sang Festus banjur
dhawuh, supaya Rasul Paulus disowanake.
24 Sang Festus nuli ngandika: “Sang Prabu
Agripa saha para priyagung ingkang sami
lenggah ing ngriki sesarengan kaliyan kula
sadaya. Sami kula aturi mirsani tiyang punika,
ingkang dipun gigat dening sadaya tiyang
Yahudi, wonten ing Yerusalem saha wonten
ing ngriki. Punika sadaya sami ndhatengi kula
saha sami pratela kaliyan bengok-bengok,
bilih tiyang punika boten pantes gesang
langkung dangu malih. 25 Nanging tumrap
kula sampun cetha, bilih piyambakipun boten
nglampahi ingkang kenging ing paukuman
pejah sarta sarehning tiyang punika nyuwun
minggah ing pangadilanipun Sang Nata
Agung, mila kula lajeng mutus badhe kula
sowanaken ing ngarsanipun Sang Nata
Agung. 26 Namung kemawon boten wonten
punapa-punapa ingkang gumathok, ingkang
kedah kula aturaken ing serat ing ngarsanipun
Sang Nata Agung bab tiyang punika. Inggih
punika sababipun mila lajeng kula ladosaken

wonten ing ngarsa panjenengan, Sang Prabu
Agripa, supados sasampunipun kapriksa
lajeng wontena punapa-punapa ingkang
saged kula serat. [27] Amargi pamanggih kula,
boten prayogi nyowanaken tiyang tahanan
boten dipun kantheni gigatan ingkang dipun
ajengaken tumrap tiyang wau.”

Panjawabe Rasul Paulus ana ing ngarsane Sang Preabu Agripa

26:1-11

26 [1] Sang Prabu Agripa tumuli ngandika
marang Rasul Paulus: “Kowe wis kalilan
ngaturake panjawab.” Rasul Paulus banjur
kumlawe astane sarta ngaturake panjawab
mangkene: [2] “Dhuh, Sang Prabu Agripa,
kawula rumaos tampi kabegjan, dene ing
dinten punika kawula dipun parengaken
ngaturaken panjawab wonten ing ngarsa
dalem tumrap sadaya gigatanipun tiyang-
tiyang Yahudi dhumateng kawula, [3] punapa
malih margi paduka nguningani saestu bab
adat-tata-cara tuwin padudonipun tiyang
Yahudi. Awit saking punika kawula keparenga
nyuwun wonten ing ngarsa dalem, mugi
karsaa midhangetaken atur kawula kalayan
sabar.

[4] Sadaya tiyang Yahudi sami nyumerepi
gesang kawula wiwit anem, amargi wiwit
wiwitan mila kawula gesang wonten ing
satengahing bangsa kawula ing Yerusalem.
[5] Sampun dangu sanget anggenipun sami

pitepangan kaliyan kawula saha bokbilih
purun, sami saged suka paseksen, bilih
kawula gesang kadosdene tiyang Farisi manut
golongan ingkang keras wonten ing salebeting
agami kita. 6 Dene sapunika kawula kedah
ngadhep wonten ing ngarsaning pangadilan
punika, jalaran kawula ngajeng-ajeng dhateng
kaleksananing prajanjian, ingkang dipun
paringaken dening Gusti Allah dhateng
para leluhur kita, 7 saha ingkang dipun
antos-antos dening taler kita kalih welas ing
salebetipun sami nindakaken pangibadahipun
rinten dalu kaliyan tegen. Inggih margi
saking pangajeng-ajeng punika, dhuh, Sang
Prabu Agripa, kawula dipun gigat dening
tiyang-tiyang Yahudi. 8 Kadospundi, dene
panjenengan sadaya nggalih mokal, bilih Gusti
Allah nangekakaken tiyang pejah? 9 Sanadyan
kadospundi kemawon, kawula piyambak nate
nginten, bilih kawula kedah tumindak keras
nglawan asmanipun Gusti Yesus saking ing
Nasaret. 10 Bab punika kawula tindakaken ugi
wonten ing Yerusalem. Kawula boten namung
nglebetaken para suci kemawon dhateng ing
pakunjaran, sasampunipun kawula tampi
panguwaos saking para pangajenging imam,
nanging kawula inggih ngrujuki, bilih tiyang-
tiyang punika sami kaukum pejah. 11 Wonten
ing papan-papan pangibadah kawula asring
nganiaya tiyang-tiyang wau, saha sami kawula
peksa, supados sami nyelaki kapitadosanipun,
punapadene margi saking sanget muntabing
manah kawula, tiyang-tiyang wau sami

kawula oyak-oyak, malah ngantos dumugi ing nagari-nagari manca.”

Rasul Paulus ngaturake bab anggone mratobat lan katimbalan

26:12-23

12 “Lan ing salebeting kawontenan ingkang makaten punika, nalika kawula kaliyan panguwaos sacekapipun mundhi dhawuhipun para pangajenging imam lumampah dhateng ing kitha Dhamsyik,
13 dumadakan, dhuh, Sang Prabu Agripa, nuju ing wanci tengange, wonten ing tengah margi punika kawula sumerep cahya ingkang nglangkungi padhanging surya, tumurun saking langit ingkang lajeng nglimputi kawula saha kanca-kanca sesarengan kawula.
14 Kawula sadaya nunten sami ambruk ing siti, tuwin kawula lajeng mireng swara ingkang mangandikani kawula mawi basa Ibrani: Saulus, Saulus, yagene sira kok nganiaya Ingsun? Rekasa sira nungkak angkus.
15 Kawula tumunten munjuk: Paduka punika sinten, Gusti? Paring wangsulanipun Gusti: Ingsun iki Yesus kang sira kaniaya.
16 Nanging saiki tangia lan ngadega. Ingsun ngatingal marang sira iku prelu netepake sira dadi paladen sarta seksi tumrap samubarang kabeh kang wus sira deleng saka Ingsun lan kang bakal Ingsun katingalake marang sira ing tembe.
17 Sira bakal Ingsun pisah saka ing bangsa iki tuwin bangsa-bangsa liyane sarta sira bakal Ingsun utus marani

bangsa-bangsa iku, [18] supaya ngelekake
mripate, satemah banjur padha ninggal
pepeteng, marani pepadhang sarta uwal saka
ing panguwasaning Iblis lan ngungsi marang
Gusti Allah, supaya padha oleh pangapuraning
dosa marga saka pracaya marang Ingsun,
apadene banjur tampa warisan ana ing
satengahe para kang wus kasucekake.
[19] Awit saking punika, dhuh, Sang Prabu
Agripa, kawula boten nate boten mbangun
miturut dhumateng wahyu saking swarga
punika. [20] Nanging ing sakawit kawula
martosaken dhateng tiyang-tiyang Yahudi ing
Dhamsyik, ing Yerusalem saha ing tanah Yudea
sadaya, tuwin ugi dhateng bangsa-bangsa
sanes, bilih kedah sami mratobat lan ngabekti
dhumateng Gusti Allah punapadene lajeng
nglampahi pandamel-pandamel ingkang
laras kaliyan pamratobat wau. [21] Inggih
margi saking punika tiyang-tiyang Yahudi
lajeng sami nyepeng kawula wonten ing
Padaleman Suci saha ngangkah pejah kawula.
[22] Nanging margi saking pitulunganipun Gusti
Allah, kawula saged gesang ngantos dumugi
sapunika sarta saged nglairaken paseksen
dhateng tiyang-tiyang alit saha dhateng
para pangageng. Wondene ingkang kawula
wartosaken punika boten sanes kajawi ingkang
saderengipun sampun kawartosaken dening
para nabi lan ugi dening Nabi Musa, [23] inggih
punika, bilih Sang Mesih kedah nandhang
sangsara saha bilih Panjenenganipun punika
ingkang rumiyin piyambak badhe wungu

saking antawisipun tiyang pejah, saha bilih
Panjenenganipun badhe martosaken bab
pepadhang dhateng bangsa punika saha
dhateng bangsa-bangsa sanes."

Rasul Paulus ngaturi Sang Prabu Agripa supaya pitados

26:24-32

24 Bareng Rasul Paulus ngaturake bab iku
mau kabeh minangka panjawab, Sang Festus
banjur ngandika kalawan sora: "Kowe iku
owah, Paulus! Kawruhmu kang akeh iku
njalari kowe banjur edan." 25 Nanging Rasul
Paulus nuli matur: "Kawula boten ewah,
dhuh, Sang Festus ingkang minulya! Kawula
ngaturaken kasunyatan kalayan pikiran
ingkang saras! 26 Sang Prabu ugi nguningani
prakawis punika sadaya, awit saking punika
kawula kalawan tatag saha tanpa tedheng
aling-aling matur wonten ing ngarsanipun.
Kawula yakin, bilih sadaya punika boten
wonten satunggal kemawon ingkang dereng
nate kapirengaken, awit prakawis punika
boten kalampahan wonten ing panggenan
ingkang kiwa. 27 Punapa paduka, dhuh, Sang
Prabu Agripa, pitados dhateng para nabi?
Kawula sumerep, bilih paduka pitados."
28 Paring wangsulane Sang Prabu Agripa: "Meh
bae kowe ngyakinake aku supaya dadi wong
Kristen!" 29 Unjuke Rasul Paulus: "Kawula
badhe ndedonga dhateng Gusti Allah, supados
boten namung paduka kemawon, nanging ugi

tiyang-tiyang sanes ingkang wonten ngriki
saha mirengaken atur kawula punika, enggal
utawi dangu-dangu, sami dados kadosdene
kawula, kajawi blenggu punika.” 30 Sang
Nata, Sang Walinagara tuwin Sang Putri
Bernike lan kabeh kang padha lenggah banjur
padha jumeneng. 31 Nalika miyos, padha
reraosan: “Tiyang punika boten nglampahi
ingkang kenging paukuman pejah utawi
paukuman pakunjaran.” 32 Sang Prabu Agripa
ngandika marang Sang Festus: “Tiyang punika
sajatosipun sampun saged luwar, upami boten
nginggahaken prakawisipun dhumateng Sang
Nata Agung.”

Rasul Paulus digawa menyang ing kutha Rum

27:1-13

27 1 Bareng wis diputus, aku kabeh
bakal lelayaran menyang ing tanah
Itali, Rasul Paulus lan wong tahanan liyane
sawatara dipasrahake marang sawijining opsir
wadyabalane Sang Nata Agung, jenenge
Yulius. 2 Aku padha nunggang kapal saka
ing palabuhan Adramitium kang bakal layar
menyang ing palabuhan-palabuhan ing
sauruting pesisire tanah Asia, tumuli padha
mangkat. Aristarkhus, wong Makedhonia saka
ing kutha Tesalonika, mbarengi lakuku. 3 Esuke
mampir ing kutha Sidon. Pangrengkuhe
Yulius marang Rasul Paulus becik, mulane
dililani nemoni para mitrane, supaya padha

nyukupi kabutuhane. 4 Sarehne nampek angin,
anggonku padha lelayaran saka ing kono mlipir
ing pesisiring pulo Siprus, 5 banjur nrajang
ing sagara ing sangareping tanah Kilikia lan
Pamfilia, nuli padha tekan ing kutha Mira ing
tanah Likia.
6 Ana ing kono opsir mrangguli kapal saka
ing kutha Aleksandria, kang arep lelayaran
menyang ing tanah Itali. Aku kabeh padha
dielih mrono. 7 Nganti pirang-pirang dina
anggonku padha lelayaran meh ora bisa maju,
sarta kalawan rekasa banget anggonku padha
bisa nyedhaki kutha Knidus. Sarehne angine
terus bae ora becik, aku kabeh mlipir ing
pasisire pulo Kreta, ngliwati tanjung Salmone.
8 Kalawan rekasa banget anggonku ngliwati
tanjung mau, tumuli tekan ing panggonan,
kang aran Palabuhan Becik, ing sacedhake
kutha Lasea. 9 Nalika samana wis akeh wektu
kang muspra. Wektu puwasa wis kliwat
lan manawa mbacutake anggonku padha
lelayaran wis mbebayani. Awit saka iku
Rasul Paulus nuli ngengetake marang wong
kabeh, pangandikane: 10 "Para sadherek,
saking pangraos kula, anggen kula sami
lelayaran punika badhe manggih aral kathah
saha badhe kapitunan ageng, boten namung
baita samomotanipun kemawon, nanging
dalasan gesang kita pisan." 11 Ewadene opsir
mau milaur ngandel marang juru-mudhi lan
nangkoda tinimbang karo pangandikane Rasul
Paulus. 12 Nanging sarehne palabuhan iku ora
kapenak dilereni ing mangsa atis, mulane

wong-wong mau kang akeh padha sarujuk, manawa mbacutake laku lan mbudidaya bisane tekan ing kutha Feniks sarta banjur leren ana ing kono sajrone mangsa atis iku. Kutha Feniks iku sawijining palabuhane pulo Kreta, kang adhepe ngidul ngulon lan ngalor
ngulon. [13] Ing nalika iku ana angin sumilir saka ing kidul, mulane wong-wong padha ngira, yen sedyane mesthi bakal kaleksanan. Banjur padha mbedhol jangkar lan layar mlipir cedhak banget karo pulo Kreta.

Praune kandhas

27:14-44

[14] Nanging ora antara suwe nuli ana prahara saka ing pulo iku, kang diarani angin
"Lor-Wetan". [15] Praune kabuncang lan ora bisa nahan tumempuhing angin. Mulane aku kabeh
banjur pasrah lan ngeli bae. [16] Wasana aku padha kentir tekan ing pasisiring pulo cilik kang aran Kauda; ana ing kono kalawan rekasa anggonku padha bisa nggondheli sekocining
kapal. [17] Bareng sekoci mau diunggahake ing kapal, wong-wong padha ngudi nulungi kapale srana digodhi. Sarehne sumelang manawa kapale bakal kandhas ing klabar Sirtis, layare nuli diudhunake lan banjur ngeli bae.
[18] Sarehne banget naggonku padha katempuh ing prahara, mulane esuke wong-wong padha wiwit mbuwangi momotaning kapal
menyang ing sagara. [19] Ing telung dinane padha mbuwangi pirantining kapal dhewe.

20 Bareng nganti sawatara dina srengenge
utawa lintang-lintang ora katon sarta tansah
kaancam ing angin prahara kang nggegirisi,
aku kabeh wis ora duwe pangarep-arep yen
bakal slamet.
21 Lan sarehne wong-wong wis suwe anggone
padha ora mangan, Rasul Paulus tumuli
jumeneng ana ing satengahe sarta ngandika:
“Para sadherek, manawi sami ndhahar atur
kula, supados boten mancal saking pulo Kreta,
kita tamtu boten ngraosaken kasisahan saha
boten kapitunan makaten punika! 22 Ewadene
sapunika ing salebeting kasangsaran punika,
keparenga kula ngaturi pamrayogi, sami kula
aturi tatag kemawon ing salebeting panggalih,
amargi panunggilan panjenengan satunggal
kemawon boten wonten ingkang badhe tiwas,
kajawi namung baitanipun. 23 Awit kala wau
dalu wonten malaekating Allah, inggih punika
Gusti Allah, ingkang kula sembah tuwin
ingkang ndarbeni kula, jumeneng wonten
ing sandhing kula 24 sarta ngandika: “Aja
wedi, Paulus! Kowe kudu sowan marang ing
ngarsane Sang Nata Agung lan sanyatane
marga sih-rahmating Allah, kabeh wong kang
bebarengan karo kowe ana ing prau iki bakal
padha slamet, marga saka kowe. 25 Milanipun
dipun tatag kemawon panggalih panjenengan,
para sadherek! Awit kula pitados dhateng Gusti
Allah, bilih sadaya tamtu badhe kalampahan,
kados ingkang kapangandikakaken dhateng
kula wau. 26 Ananging kula sadaya kedah

ngandhasaken baita punika wonten ing salah
satunggaling pulo."
27 Nalika ing bengine kang kaping patbelas
aku kabeh isih terus diontang-antingake ana
ing sagara Adria. Nanging bareng tengah
wengi wong-wong prau padha krasa, yen wis
cedhak karo dharatan. 28 Banjur ngukur jerone
nganggo bandhul jajagan, tinemu rong puluh
dhepa. Bareng wis maju sawatara, nuli njajagi
maneh, tinemu limalas dhepa. 29 Sarehne aku
kabeh sumelang, yen bakal kandhas ing salah
sawijining parang, mulane wong-wong padha
mbuwangi jangkar papat kang ana ing buritan
sarta aku padha ngarep-arep, muga-muga
enggal esuk. 30 Nanging wong-wong kapal
padha sumedya minggat saka ing prau,
sarta padha ngudhunake sekoci, rewa-rewa
arep mbuwangi jangkar saka ing ngarep.
31 Mulane Rasul Paulus banjur matur marang
opsir lan para prajurit: "Manawi tiyang-tiyang
punika boten lestantun wonten ing baita,
panjenengan sadaya boten badhe wilujeng."
32 Para prajurit banjur ngethoki talining sekoci,
tumuli dicegurake.
33 Bareng wis ngarepake raina, Rasul
Paulus ngatag marang wong kabeh, padha
dipurih mangan, pangandikane: "Sampun
kawan welas dinten dangunipun anggen
panjenengan sami ngantos-antos kemawon,
nahan-nahanaken luwe boten dhahar punapa-
punapa. 34 Milanipun kula ngaturi pamraogi,
sami karsaa dhahar rumiyin. Bab punika
prelu kangge kawilujengan panjenengan. Ing

antawis panjenengan boten wonten satunggal
kemawon ingkang badhe kecalan rambut
sanadyan namung saeler kemawon saking
sirahipun.”
35 Sawise ngandika mangkono, panjenengane
nuli mundhut roti, lan sawise saos sokur
marang Gusti Allah ana ing ngarepe wong
akeh, rotine banjur dicuwil-cuwil sarta wiwit
dhahar. 36 Wong kabeh banjur padha lejar
atine, lan iya banjur uga padha mangan.
37 Gunggungku kabeh kang ana ing kapal iku
ana rong atus pitung puluh enem. 38 Sawise
padha wareg, momotan gandum padha
dibuwangi menyang ing sagara, supaya
praune bisa entheng. 39 Lan bareng wis awan,
wong-wong padha ndeleng sawijining teluk
kang pasisire warata. Sanadyan padha durung
tau weruh dharatan ing kono, ewasamono
banjur mutus sabisa-bisa arep ngandhasake
praune ana ing kono. 40 Tali-talining jangkar
dikethoki, jangkare padha ditinggal ana ing
dhasaring sagara. Tali-tali kemudhi padha
diuculi, banjur masang layar panampek,
supaya angin bisa nyurung praune menyang
ing pasisir. 41 Nanging banjur nabrak klabar,
temahan praune kandhas. Perangan kang
ngarep ambles ora bisa obah, dene kang buri
remuk marga saka panempuhing alun kang
nggegirisi.
42 Nalika samana para prajurit sedyane arep
mateni pasakitan kabeh, supaya ora ana
siji-sijia kang bisa minggat kalawan nglangi.
43 Nanging opsire kapengin nggesangi Rasul

Paulus. Mulane niyate para prajurit mau digagalake sarta prentah, supaya wong-wong kang bisa nglangi padha ndhisiki nyegur ing sagara lan munggah ing dharatan,
44 dene wong-wong liyane padha didhawuhi nusul kalawan migunakake blabag utawa pecahan-pecahan prau. Mangkono dadine wong kabeh mau padha bisa munggah ing dharatan kanthi slamet.

Rasul Paulus ana ing pulo Malta

28:1-10

28 1 Bareng aku kabeh wis tekan ing pasisir kanthi slamet, aku lagi padha ngreti, yen pulo iku jenenge pulo Malta.
2 Wong pribumi ing pulo kono becik banget tangkep marang aku kabeh. Padha gawe totor gedhe sarta banjur ngajak aku kabeh mrono, jalaran wis wiwit udan, lan hawane adhem.
3 Nalika Rasul Paulus mundhut kayu garing sabongkok lan ditumpangake ing geni mau, ana ula bedhudhak kang metu, amarga saka
panase. 4 Bareng wong-wong padha ndeleng ula kumlawer kanthil ing astane Rasul Paulus, banjur padha rerasanan: "Wong iki mesthi wong kang dosa pati, sabab sanadyan wis bisa oncat saka bebaya ing sagaya, Dewi Kaadilan ora marengake dheweke lestari urip."
5 Nanging Rasul Paulus nuli ngipatake ula mau menyang ing geni, dene panjenengan babar
pisan ora apa-apa. 6 Ewadene wong-wong
padha ngira, yen bakal abuh utawa bakal seda

sanalika iku uga. Nanging dienteni nganti
suwe, padha weruh, yen panjenengane ora
apa-apa, satemah banjur mbalik panemune,
ngarani, yen Rasul Paulus iku dewa.
7 Ora adoh saka ing panggonan kono ana
palemahan, kagungane gupernur ing pulo
iku. Gupernur iku asmane Publius. Iku kang
nampani lan paring pamondhokan marang
aku kabeh lawase telung dina kalawan
rumaket. 8 Kacarita nalika samana ramane
Sang Publius sarean bae marga gerah benter
lan desentri. Rasul Paulus banjur tindak
lumebet ing kamare nuli ndedonga sarta
banjur numpangake astane ing sarirane,
satemah dadi senggang. 9 Sawuse lelakon
kang mangkono iku, wong-wong lara liyane
ing pulo kono padha sowan, lan iya padha
diwarasake. 10 Awit saka iku wong-wong mau
banget anggone padha ngajeni marang aku
kabeh sarta bareng aku padha mangkat,
padha nyangoni apa sakabutuhanku.

Rasul Paulus rawuh ing kutha Rum

28:11-16

11 Sawise telung sasi aku padha mangkat
saka ing kono, nunggang kapal saka ing
Aleksandria kang sasuwene mangka atis
labuh ana ing pulo kono. Kapal mau nganggo
lambang Dhioskuri. 12 Aku padha mampir ing
kutha Sirakusa lan leren ana ing kono telung
dina. 13 Saka ing kono banjur layar turut
pasisir, nuli tekan ing kutha Regium. Sadinane

maneh banjur ana angin saka kidul lan ing
dina kapindhone padha tekan ing kutha Putioli.
14 Ana ing kono ketemu karo para warganing
pasamuwan, banjur dipurih nginep pitung
dina. Sawise mangkono nuli budhal menyang
ing kutha Rum. 15 Para sadulur ing kono wis
padha krungu warta bab tekaku kabeh, banjur
padha methuk nganti tekan ing papan kang
aran Forum Apius lan ing Tres Taberne. Bareng
Rasul Paulus mirsani para sadulur mau, banjur
ngunjukake panuwun marang Gusti Allah sarta
iku ndadekake santosaning panggalihe.
16 Bareng aku wis padha tekan ing kutha
Rum, Rasul Paulus diparengake dedalem
piyambak karo prajurit siji kang rumeksa.

Rasul Paulus wawan pangandika karo wong-wong Yahudi ing kutha Rum

28:17-29

17 Sawise telung dina Rasul Paulus nuli
ngaturi rawuh para panggedhening bangsa
Yahudi lan bareng wis padha nglumpuk, banjur
dipangandikani mangkene: "Para sadherek,
sanadyan kula boten kalepatan dhateng
bangsa kita utawi dhateng adat-tata-caranipun
para leluhur kita, ewadene kula dipun cepeng
wonten ing kitha Yerusalem saha lajeng dipun
pasrahaken dhateng tiyang Rum. 18 Sareng
kula sampun kapriksa, sami sumedya
ngluwari, amargi boten wonten kalepatan kula
satunggal kemawon, ingkang pantes katrap
ing paukuman pejah.

19 Ananging tiyang-tiyang Yahudi sami
mabeni, mila kula lajeng kapeksa
nginggahaken prakawis punika dhateng
ing ngarsanipun Sang Nata Agung, nanging
boten kanthi sedya badhe nggigataken bangsa
kita. 20 Pramila kula lajeng ngaturi rawuh
panjenengan sadaya prelu badhe pirembagan,
amargi awit saking pangajeng-ajengipun
bangsa Israel punika kula lajeng karante.”
21 Nanging banjur padha mangsuli: “Kula
boten sami tampi serat-serat saking tanah
Yudea bab panjenengan, punapa dene
inggih boten wonten satunggal kemawon
saking sadherek-sadherek kita ingkang
mriki martosaken bab ingkang awon tumrap
panjenengan. 22 Nanging kula sami kapengin
mirengaken saking panjenengan, kadospundi
pamanggih panjenengan, awit kula sami
sumerep, bilih golongan punika wonten ing
pundi-pundi dipun lawan.”
23 Banjur padha namtokake dinane. Ing
dina kang wis katamtokake iku, wong-wong
mau padha teka ing dalem pamondhokane
Rasul Paulus. Panjenengane nuli paring
katrangan lan paseksen bab Kratoning
Allah sarta ngyakinake bab Gusti Yesus
adhedhasar angger-anggere Nabi Musa lan
kitabe para nabi. Pamulange wiwit esuk nganti
sore. 24 Ana kang banjur padha nganggep
marang pangandikane, nanging iya ana
kang tetep ora pracaya. 25 Banjur padha
bubar kalawan bebencengan. Nanging Rasul
Paulus isih nglairake pangandika satembung,

kang mangkene: “Kasinggihan temen
pangandikanipun Sang Roh Suci lumatar Nabi
Yesaya dhateng leluhur kita, wiraosipun:
26 Sira maranana bangsa iki lan tutura:
Sira bakal padha krungu, nanging ora
mangreti,
bakal ndeleng, nanging ora sumurup.
27 Sabab atine bangsa iki ndableg,
lan kupinge wis dadi jampeng,
tuwin mripate padha dieremake;
supaya mripate aja nganti ndeleng
lan kupinge aja nganti krungu
tuwin atine aja nganti mangreti
banjur mratobat temah Sunwarasake.
28 Pramila kauningana, bilih kawilujengan
ingkang saking Gusti Allah punika lajeng
kaparingaken dhateng bangsa-bangsa sanes
ingkang sami badhe mirengaken.” 29 [Sawuse
Rasul Paulus ngandika mangkono, wong Yahudi
banjur padha bubar kalawan bebencengan ing
panemu kang akeh.]

Rasul Paulus ngabarake bab Kratoning Allah ana ing kutha Rum

28:30-31

30 Kacarita Rasul Paulus nganti genep rong
taun anggone manggen ana ing dalem kang
disewa piyambak. Kabeh wong kang sowan
padha ditampeni. 31 Panjenengane martakake
Kratoning Allah lan mulang bab Gusti Yesus
Kristus kalawan tatag sarta ora ana kang
mambengi.

RUM

Salam

1:1-7

1 1 Saka Paulus, abdine Sang Kristus
Yesus, kang katimbalan dadi rasul, kapiji
nggelarake Injile Gusti Allah, 2 kang sadurunge
wus kaprasetyakake lumantar para nabine ana
ing kitab-kitab suci, 3 bab Kang Putra, kang
dumados saka tedhake Sang Prabu Dawud
mungguh ing daging, 4 lan miturut Rohing
kasucen, kang kayekten ana ing wungune
saka ing antarane wong mati, manawa
Panjenengane iku Putrane Gusti Allah kang
kuwaos, yaiku Gusti Yesus Kristus, Gusti kita.
5 Kalawan lumantar Panjenengane, aku padha
oleh sih-rahmat sarta kalenggahan rasul,
kadhawuhan nuntun marang kabeh bangsa,
supaya padha pracaya lan mbangun-turut
marang Asmane. 6 Kowe uga padha klebu
ing antarane wong-wong mau, kowe kang
wus padha katimbalan dadi kagungane Sang
Kristus, 7 marang sakehe para sadulur kang
manggon ing kutha Rum, iya para kekasihe
Gusti Allah, kang katimbalan lan kadadekake
suci. Sih-rahmat anaa ing kowe kabeh lan
tentrem-rahayu saka Gusti Allah Rama kita lan
saka Gusti Yesus Kristus.

Rasul Paulus kapengin menyang Rum

1:8-15

[8] Luwih dhisik aku saos sokur marang Allahku
marga dening Gusti Yesus Kristus ing ngatase
kowe kabeh, awit kabar bab pracayamu wus
sumebar ing sajagad. [9] Sabab Gusti Allah kang
dakladeni kanthi gmolonging atiku ing sajrone
ngabarake Injile Kang Putra, iku kang dadi
seksiku anggonku ora pegat ngelingi marang
kowe ana ing sajroning pandongaku: [10] Aku
nyenyuwun, muga-muga marga saka karsane
Gusti Allah ing wekasane aku bisa oleh dalan
niliki kowe kabeh. [11] Awit aku kapengin
ketemu kowe, prelu ngwenehi ganjaran
kasukman, murih undhaking kasantosanmu,
[12] yaiku, supaya aku ana ing antaramu melu
kalipur dening pracaya kita, iya pracayamu,
lan iya pracayaku. [13] Para sadulur, karepku
supaya kowe padha sumurupa, yen aku
wis kerep duwe niyat niliki kowe, supaya
ana ing satengahmu aku uga bisa methik
woh kayadene ana ing satengahing para
bangsa saliyane bangsa Yahudi, -- nanging
nganti saprene tansah ana alangan --. [14] Aku
kapotangan kabecikan marang wong Yunani,
mangkono uga marang wong saliyane Yunani,
wong wasis lan wong bodho. [15] Yaiku kang
njalari aku uga kapengin ngabarake Injil
marang kowe kang padha manggon ing kutha
Rum.

Injil iku kakiyatane Gusti Allah

1:16-17

16 Ujer aku ora isin mungguhing Injil,
awit Injil iku kakiyatane Gusti Allah kang
ndadekake rahayu angger wong kang pracaya,
luwih-luwih wong Yahudi, nanging uga
wong Yunani. 17 Sabab ing kono kalairake
kabeneraning Allah, kang metu saka ing
pracaya lan nuntun marang pracaya, kaya
kang katulisan, wiraose: “Wong kang bener
iku bakal urip saka pracaya.”

Paukumane Gusti Allah tumrap pamblasar lan durakaning manungsa

1:18-32

18 Sabab bebendune Gusti Allah kalairake
saka ing swarga marang sarupaning
pamblasar lan durakaning manungsa kang
nampik kayekten marga dening duraka. 19 Awit
kang bisa disumurupi mungguhing Gusti
Allah iku wus cetha tumrap wong-wong mau,
jalaran wis padha kaparingan sumurup dening
Gusti Allah. 20 Awitdene kang ora katingal
ana ing Gusti Allah, iya iku kakiyatane kang
langgeng lan kaallahane, iku wiwit dumadine
jagad bisa kasumurupan saka ing pakaryane,
satemah wong-wong padha ora bisa diarani
tanpa kaluputan. 21 Amarga sanadyan padha
wanuh marang Gusti Allah, ewadene ora padha
ngluhurake Panjenengane kang jumeneng

Gusti Allah, utawa ora saos sokur marang
Panjenengane. Nanging pangangen-angene
dadi tanpa guna, lan atine kang bodho dadi
peteng. 22 Anggepe padha pinter, nanging
satemene bodho. 23 Padha nglironi kamulyane
Gusti Allah kang langgeng kalawan pepethan
kang mirip manungsa kang bisa lebur, lan
pepethan manuk, sarta kewan asikil papat,
apadene kewan-kewan rumangkang.
24 Mulane padha diulungake dening Gusti
Allah marang pepenginaning atine kang
rusuh, satemah padha rusuh-rinusuhan
ing badane. 25 Awitdene iya padha nglironi
kayektene Gusti Allah kalawan barang pulasan,
padha ngluhurake sarta ngabekti marang
pepadhanging tumitah, nglalekake marang
kang nitahake, kang mesthine kudu pinuji-puji
ing salawas-lawase. Amin. 26 Mulane Gusti
Allah ngulungake wong-wong mau marang
hawa-nepsu kang gawe wirang, sabab sing
wadon padha nglironi cara awor turu nganggo
patrap nyulayani kodrat. 27 Mangkono uga
kang lanang padha ninggal patrap sapaturon
kang lumrah karo kang wadon, nanging
kalawan ati kang ngangsa-angsa duwe
kekarepan marang pepadhane, satemah
nindakake kanisthan karo padha lanang,
mulane padha nampani piwales kang murwat
tumrap pamblasare iku ana ing awake dhewe.
28 Dadi sarehne rumangsane ora prelu ngakoni
Gusti Allah, mulane Gusti Allah iya ngulungake
wong-wong mau marang pangangen-angen
kang nistha, temahan padha nindakake

patrap kang ora patut, 29 kebak ing sarupane
duraka, kadursilan, kethaha sarta piala,
padha kebak drengki, gawe pati, tukar padu,
culika sarta pikiran ala. 30 Padha dhemen
wadul, mitenah, sengit marang Gusti Allah,
kurang ajar, kumlungkung, umuk, sugih
pangreka ala, ora mbangun-turut marang
wong tuwa, 31 tanpa budi, ora setya, ambek
kamitegan, ora welasan. 32 Sabab sanadyan
ngreti marang pamundhute angger-anggere
Gusti Allah, yaiku yen sadhengah wong kang
padha nglakoni kaya mangkono mau pantes
kapatrapan ing paukuman pati, nanging ora
ngamungake nglakoni dhewe bae, nanging
iya ngrujuki marang kang padha nglakoni
mangkono.

Gusti Allah iku ora pilih kasih

2:1-16

2 1 Mulane, heh manungsa, sapa bae kang
njeksani wong liya, kowe dhewe ora kena
diarani tanpa kaluputan. Awit ing sajrone
kowe njeksani wong, ateges matrapi awakmu
dhewe, amarga kowe kang njeksani wong
iku, pratingkahmu dhewe iya mangkono uga.
2 Kita rak padha sumurup yen paukumane
Gusti Allah iku ing sabener tumrap sapa
bae kang nglakoni iku mau. 3 Dene kowe,
heh manungsa kang njeksani kang duwe
pratingkah mangkono mau, mangka kowe
dhewe uga nglakoni, apa kowe ngira, yen
kowe bakal luput saka ing paukumane Gusti

Allah? 4 Apa kowe arep ngremehake lubering
kamirahan sarta sabar sarehe Gusti Allah? Apa
kowe ora sumurup manawa kamirahane Gusti
Allah iku nuntun kowe marang pamratobat?
5 Nanging marga saka wangkoting atimu kang
ora gelem mratobat iku, dadine kowe numpuk
bebendu kanggo awakmu dhewe, nganti
tumeka ing dinane kababaring bebendu lan
pangukume Gusti Allah kang adil, 6 kang bakal
males marang sawiji-wijining wong saukur
karo panggawene, 7 yaiku wong kang ngantepi
panggawe becik, tansah ngupaya kamulyan
sarta kaluhuran lan kalanggengan, wong
iku bakal padha kaparingan urip langgeng,
8 nanging wong kang mburu karepe dhewe,
ora mbangun-turut marang kayekten, rumaket
ing duraka, iku bakal padha kawales bebendu
sarta deduka. 9 Sangsara lan rupeking
ati bakal tumama marang angger wong
kang gawe piala, kang dhisik wong Yahudi,
lan samono uga wong Yunani, 10 nanging
kamulyan, kaluhuran lan tentrem-rahayu
bakal kaparingake marang sawiji-wijining
wong kang nindakake kabecikan, dhisike wong
Yahudi lan uga wong Yunani. 11 Sabab Gusti
Allah ora pilih kasih.
12 Ujer kabeh wong kang gawe dosa
kalawan sepi ing angger-anggering Toret
iku bakal padha sirna iya kalawan sepi ing
angger-anggering Toret; lan kabeh wong
kang padha dosa ing sajrone kawengku ing
angger-anggering Toret, iku bakal padha diadili
sarana angger-anggering Toret. 13 Amarga

wong kang bener ana ing ngarsane Gusti Allah
iku dudu kang ngrungokake angger-anggering
Toret, nanging kang netepi angger-anggering
Toret. 14 Manawa bangsa-bangsa liya kang ora
nduweni angger-anggering Toret marga saka
prentuling atine dhewe nglakoni apa kang
kamot ing angger-anggering Toret, wong-wong
iku mau kang dadi angger-anggering Toret
tumrap awake dhewe, sanadyan ora nduweni
angger-anggering Toret. 15 Amarga kalawan
mangkono iku wong-wong mau padha
nelakake, manawa pepakone angger-angger
wis katulis ana ing atine, sarta rumangsaning
atine melu dadi seksi, sarta pangangen-
angene padha genti ngluputake utawa genti
mbenerake. 16 Bab iku bakal tetela ing dina
samangsa Gusti Allah ngadili wewadine
manungsa lumantar Gusti Yesus Kristus, cocog
karo Injil kang dakwartakake.

Angger-anggering Toret lan tetak iku dudu sumbering karahayone wong Yahudi

2:17-29

17 Nanging manawa kowe iku ngarani
awakmu dhewe wong Yahudi, sarta
ngandelake marang angger-anggering Toret,
apadene gumunggung mungguh ing Gusti
Allah, 18 sarta sumurup kang dadi karsane, lan
marga kawulang ing angger-anggering Toret,
bisa sumurup endi kang becik sarta endi kang
ala, 19 lan yakin, yen kowe iku dadi panuntune
wong wuta, sarta pepadhange wong kang ana

ing pepeteng, [20] kang nggulawenthah wong
bodho, gurune wong kang durung diwasa;
marga ana ing angger-anggering Toret iku,
kowe kadunungan awak-awakaning kawruh
sarta keyekten, [21] banjur kapriye mungguhing
kowe, kang mulang wong liya, apa kowe
ora mulang awakmu dhewe? Kowe kang
mulang: Aja nyolong, yagene kowe dhewe
kok nyolong? [22] Kowe kang kandha: Aja
laku bedhang, yagene kowe dhewe kok laku
bedhang? Kowe kang gething marang brahala,
yagene kowe dhewe kok malah njarah rayah
papan brahala? [23] Kowe kang gumunggung
mungguhing angger-anggering Toret, yagene
kowe kok malah nyenyamah Gusti Allah
kalawan nerak angger-anggering Toret iku?
[24] Kaya kang katulisan wiraose: "Iya marga
saka kowe Asmane Gusti Allah dicecamah ana
ing antarane bangsa-bangsa liya."

[25] Tetak iku pancen ana paedahe, manawa
kowe temen-temen netepi angger-anggering
Toret, nanging manawa kowe nerak angger-
anggering Toret tetakmu iku tanpa guna.
[26] Dadi manawa wong kang ora tetak netepi
angger-anggering Toret, apa iku ora bakal
dianggep padha karo wong kang wus tetak?
[27] Yen mangkono, wong kang ora tetak
nanging netepi angger-anggering Toret,
iku bakal njeksani kowe kang nduweni
angger-angger kang katulis lan tetak, nanging
nerak angger-anggering Toret. [28] Awit kang
diarani Yahudi iku dudu tata-laire, lan kang
diarani tetak uga dudu tetak ing tata-laire.

[29] Nanging kang diarani wong Yahudi sajati iku yaiku kang ora katon Yahudine, lan tetak kang sajati iku tetaking ati yaiku tetak rohani dudu tata-laire. Lan iku oleh pangalem saka Gusti Allah, ora saka manungsa.

Kaluwihane wong Yahudi lan kasetyaning Allah

3:1-8

3 [1] Yen mangkono, apa ta kaluwihane wong Yahudi, lan apa ta paedahe tetak
iku?
[2] Akeh banget lan warna-warna, kang dhisik iki: Sabab wong mau padha dipitayani pangandikane Gusti Allah.
[3] Dadine kapriye, manawa ana ing antarane wong-wong mau ana kang ora setya, apa bab anggone ora setya mau bisa njalari wurunging prasetyane Gusti
Allah?
[4] Babar pisan ora! Malah kosokbaline: Gusti Allah iku asipat bener, lan manungsa kabeh padha dora cara, kaya kang katulisan, wiraose:

"Supados Paduka kacihna manawi leres ing
sapangandika Paduka, saha Paduka
unggula manawi dipun hakimi."

[5] Nanging manawa duraka kita iku nelakake kabeneraning Allah, banjur apa kang bakal padha kita kandhakake? Apa Gusti Allah padha kita anggep ora adil yen ta ngetingalake anggone bendu? -- Calathuku iki cara
manungsa. --
[6] Mesthi bae ora! Yen mangkono kapriye Gusti Allah anggone arep ngadili
jagad?
[7] Nanging manawa setya tuhune Gusti

Allah iku marga saka gorohku malah sangsaya
cetha banget temah njalari kaluhurane,
yagene aku kok isih diadili maneh padha kaya
wong dosa? 8 Rak iya ora bener, ta, panacade
wong kang kandha, yen kita padha duwe
ujar mangkene: "Payo kita padha nglakoni
panggawe ala supaya bisaa thukul kang becik
saka ing kono. Wong kang kaya mangkono iku
wis samesthine tampa paukuman.

Wong kabeh padha kawengku ing dosa

3:9-20

9 Kang iku kapriye? Apa kita luwih onjo
katimbang karo wong liya? Babar pisan ora!
Sabab ing ngarep rak wis kita dakwa, wong
Yahudi lan wong Yunani iku padha kawengku
ing dosa kabeh, 10 iya kaya kang wus katulisan,
wiraose:

"Ora ana wong kang bener, siji bae ora ana.
11 Ora ana wong siji-sijia kang duwe budi,
ora ana wong siji-sijia kang ngupaya Gusti
Allah.
12 Kabeh wong padha nyleweng,
kabeh tanpa guna,
ora ana kang gawe becik, siji bae ora ana.
13 Gurunge iku kaya kubur menga,
ilate dianggo nyenyidrani,
lambene ngemu wisa.
14 Cangkeme kebak pangipat-ipat.
15 Entheng sikile yen arep ngwutahake getih.
16 Karusakan lan kasrakatan ana ing
dedalane,

17 lan dalaning tentrem-rahayu ora
disumurupi;
18 padha ora duwe wedi asih marang Gusti
Allah."
19 Nanging kita padha sumurup, yen kabeh
kang kamot ing kitab Toret iku katujokake
marang wong-wong kang kawengku ing
angger-anggering Toret, supaya wong kabeh
padha kabungkem cangkeme, lan sajagad
kabeh iki kena kapatrapan ing paukumane
Gusti Allah. 20 Sabab siji bae ora ana wong
kang kabenerake ana ing ngarsane Gusti Allah
marga saka anggone netepi angger-anggering
Toret; awit malah iya marga saka angger-
anggering Toret iku wong padha nyumurupi
dosa.

Manungsa iku kabenerake marga saka pracaya

3:21-31

21 Balik ing saikine, tanpa angger-anggering
Toret, kaya kang kapratelakake ing kitab
Toret lan kitab-kitabe para nabi, kabeneraning
Allah iku wus kalairake, 22 yaiku kabeneraning
Allah kang awit saka pracaya marang Gusti
Yesus Kristus tumrap kabeh wong kang
padha pracaya, awit ora ana beda-bedane.
23 Marga kabeh wong wis padha gawe dosa
sarta koncatan ing kamulyaning Allah, 24 lan
padha kabenerake kanthi lelahanan awit saka
sih-rahmate lumantar panebuse Sang Kristus
Yesus. 25 Panjenengane wus dipesthekake

dening Gusti Allah dadi srananing karukunan,
awit saka pracaya marang rahe. Bab iki
katindakake kagem ngatingalake kaadilane,
sabab Panjenengane wus ngendelake
dosa-dosa kang wus kapungkur ing wektu
kasabarane Gusti Allah. 26 Karsane yaiku
kagem ngatingalake kaadilane ing jaman saiki,
supaya tetelaa manawa Panjenengane iku
bener, lan uga mbenerake wong kang pracaya
marang Gusti Yesus.
27 Yen mangkono, apa dhasare gumunggung?
Ora ana. Banjur manut waton apa? Apa
wewaton panggawe? Ora, nanging wewaton
pracaya. 28 Marga kita yakin, yen manungsa
iku anggone kabenerake awit saka pracaya,
ora marga saka anggone netepi angger-
anggering Toret. 29 Karomaneh Gusti Allah
iku apa mung dadi Gusti Allahe wong Yahudi
bae? Apa Panjenengane iku dudu Gusti Allahe
bangsa-bangsa liyane uga? Iya, Panjenengane
iya dadi Gusti Allahe bangsa-bangsa liyane
uga. 30 Tegese, manawa Gusti Allah iku siji,
kang bakal mbenerake wong kang padha tetak
awit saka pracaya, lan wong kang padha ora
tetak iya awit saka pracaya.
31 Yen mangkono apa aku padha mbatalake
angger-anggering Toret awit saka pracaya?
Babar pisan ora. Aku malah padha njejegake.

Rama Abraham kabenerake awit saka pracaya

4:1-25

4 1 Kang iku apa kang bakal dakkandhakake
tumrap Rama Abraham, leluhur kita
mungguh ing daging? 2 Sabab yen Rama
Abraham anggone kabenerake marga saka
pandamele, panjenengane bisa gumunggung,
nanging ora ana ing ngarsane Gusti Allah.
3 Sabab apa kang kapratelakake ing ayating
Kitab Suci? "Rama Abraham banjur pracaya
marang Gusti Allah, lan iya bab iku kang
kaetang dadi kabeneran tumrap panjenengane
dening Gusti Allah." 4 Dene wong kang
nyambut-gawe iku, opahe ora kena kaetung
ganjaran, nanging hake. 5 Yen wong kang ora
nyambut-gawe, nanging kumandel marang
Panjenengane kang mbenerake wong duraka,
kumandele iku kang kaetung dadi kabeneran.
6 Kayadene Sang Prabu Dawud iya mastani
rahayu wong kang kaanggep bener dening
Gusti Allah ora wewaton ayahane:

7 "Rahayu wong kang padha kaapura panerake,
lan kang kaaling-alingan dosa-dosane;
8 rahayu wong kang kaluputane ora kaetang dening Gusti Allah."

9 Anggone mastani rahayu iku apa mung
tumuju marang wong kang tetak bae, apa
iya marang kang padha ora tetak uga? Aku
rak wis tutur, mungguh kumandel iku tumrap

Rama Abraham kaetang dadi kabenerane.
[10] Dene anggone kaetang mangkono iku
genahe kapriye? Sadurunge apa sawise supit?
Ora sawise supit, nanging sadurunge. [11] Sarta
pratandha tetak iku ditampani minangka
ecaping kabeneran awewaton pracayane ing
sadurunge supit. Iya mangkono iku anggone
panjenengane banjur bisa dadi ramane
para wong pracaya kang ora tetak, supaya
kabeneran kaetunga tumrap wong-wong
iku mau, [12] lan uga dadi ramane para wong
tetakan, yaitu para wong kang ora mung
padha tetak bae, nanging uga padha nurut
labeting pitadose leluhur kita Rama Abraham,
nalikane durung supit.

[13] Sabab mungguhing prasetya kang
kaparingake marang Rama Abraham satedhak-
turune yen bakal tampi warisan jagad,
iku ora lumantar angger-anggering Toret,
nanging lumantar kabeneran kang wewaton
pracaya. [14] Awit manawa wong-wong kang
pangarep-arepe lumantar angger-anggering
Toret padha melu tampa panduman kang
kaprasetyakake Gusti Allah, pracaya iku
banjur dadi muspra lan prasetyane dadi
batal. [15] Amarga angger-anggering Toret iku
nekakake bebendu, nanging ing ngendi ora
ana angger-anggering Toret, ing kono iya ora
ana panerak.

[16] Mulane kabeneran iku adhedhasar pracaya
supaya mujudna sih-rahmat, satemah
prasetya iku tumuju marang sakehe tedhak-
turune Rama Abraham, ora ngamungake

kang kawengku ing angger-anggering Toret
bae, nanging uga kang padha kadunungan
pracayane Rama Abraham. Sabab Rama
Abraham iku leluhur kita kabeh, -- [17] iya
kaya kang katulisan, wiraose: “Sira iku wus
Sunpasthekakake dadi bapakne bangsa akeh,”
-- ana ing ngarsane Gusti Allah kang wus
diandelake, kang nguripake wong mati sarta
kang nyabdakakake apa kang ora ana dadi
ana. [18] Sabab sanadyan ora ana dhasaring
pangarep-arep, ewasamono Rama Abraham
tansah kumandel kanthi pangajeng-ajeng,
yen panjenengane bakal dadi ramane
bangsa akeh, landhesan apa kang wus
dipangandikakake: “Samono bakal cacahing
turunira.” [19] Lan pracayane ora dadi kendho,
sanadyan ngraosake yen sarirane wus lungse,
awit yuswane wis watara satus taun, sarta
manawa Ibu Sara wus lungse ing wanci.
[20] Ewasamono panjenengane tetep ngugemi
prasetyane Gusti Allah, tanpa mangu-mangu
kang awit saka pamaido, nanging malah
panjenengane kasantosakake ing pracayane,
sarta ngluhurake Gusti Allah, [21] kanthi ing
pangandel, manawa Gusti Allah mesthi kuwaos
nindakake apa kang wus kaprasetyakake.
[22] Mulane bab iki kaetang dadi kabenerane.
[23] Tetembungan iki, yaiku “bab iki kaetang
tumrap panjenengane”, iku anggone katulis
ora mung mligi kagem Rama Abraham bae,
[24] nanging iya katulis kanggo kita uga; sabab
kita bakal kaetung kaya mangkono uga, awit
kita padha pracaya ing Panjenengane kang

wus mungokake Gusti Yesus, iya Gusti kita,
saka ing antarane wong mati, [25] yaiku Gusti
Yesus kang wus kaulungake awit saka panerak
kita, sarta kawungokake awit saka anggon kita
padha kabenerake.

undhuh-undhuhane wong kang kabenerake

5:1-11

5 [1] Mulane kita kang wus padha kabenerake
awit saka pracaya, kita padha urip kalawan
rukun karo Gusti Allah marga dening Gusti
kita, Gusti Yesus Kristus. [2] Panjenengane
iku kang njalari kita padha oleh dalan kang
anjog ing sih-rahmat marga saka pracaya.
Ana ing sih-rahmat iki dumunung kita sarta
kita ngalembana sajroning pangarep-arep
bakal tampa kamulyaning Allah. [3] Lan ora
ngamungake iku bae. Malah kita iya padha
ngalembana sajroning sangsara, awit kita
padha sumurup manawa sangsara iku njalari
mantep, [4] lan mantep iku njalari tanggon,
tanggon nukulake pangarep-arep. [5] Dene
pangarep-arep iku mesthi ora bakal ngapirani,
awit sihe Gusti Allah wus kaesokake ing
ati kita dening Sang Roh Suci, kang wus
pinaringake marang kita. [6] Awitdene ing nalika
kita isih padha apes, ana ing wektu kang
pinesthi dening Gusti Allah, Sang Kristus
wus nglampahi seda kanggo kita para wong
duraka. [7] Ujer ora gampang wong kok banjur
gelem mati nglabuhi wong bener -- ewadene

bokmanawa kanggo wong utama, bisa uga
ana wong kang wani mati. -- [8] Nanging
Gusti Allah wus ngatingalake sihe marang
kita, awit Sang Kristus wus nglampahi seda
kanggo kita, nalika kita isih padha kawengku
ing dosa. [9] Apamaneh saiki, kita wus padha
kabenerake sarana rahe, wus mesthi bakal
luput saka ing bebenduning Allah. [10] Sabab,
manawa ing nalikane kita isih padha dadi
satru wus karukunake kalawan Gusti Allah
dening sedane Kang Putra, mendahane maneh
saiki sawise karukunake, mesthi kita bakal
kapitulungan rahayu awit saka gesange. [11] Lan
ora ngamungake mangkono bae, kita malah
iya bakal padha ngalembana marang Gusti
Allah marga dening Gusti Yesus Kristus, Gusti
kita, kang dadi margane anggon kita wus
padha oleh pirukun iku.

Bapa Adam lan Sang Kristus

5:12-21

[12] Mulane padha kaya tekane dosa ing jagad
jalaran saka wong siji, sarta tekane pati marga
saka dosa mau, mangkono si pati iya wus
nyrambahi marang wong kabeh, jalaran wong
kabeh mau wus padha gawe dosa. [13] Sabab
sadurunge ana angger-anggering Toret ing
jagad wus ana dosa. Nanging dosa mau ora
kaetung manawa ora ana angger-anggering
Toret. [14] Sanadyan mangkono wiwit Rama
Adam tumekane Nabi Musa, si pati wus
masesani uga marang kang padha gawe dosa,

kang panerake ora madhani ing panerake
Rama Adam, iya iku kang dadi gegambarane
Panjenengane kang bakal rawuh. [15] Nanging
sih-rahmate Gusti Allah iku ora padha karo
panerake Rama Adam. Sabab, manawa
panerake wong siji njalari wong kabeh
padha tumiba ing pangwasaning pati, luwih
agung maneh sih-rahmate Gusti Allah sarta
peparinge ganjaran kang ngluberi wong
kabeh, kang marga saka wong siji, yaiku Gusti
Yesus Kristus. [16] Lan peparinge sih-rahmat
iku ora timbang karo dosane wong siji. Awit
karampunganing pangadilan tumrap panerake
wong siji iku nekakake paukuman, nanging
peparinge ganjaran sih-rahmat marga saka
panerak kang akeh iku nekakake karampungan
kang mbenerake. [17] Sabab, yen marga saka
panerake wong siji, si pati wus masesa
marga saka wong siji iku, mendahane maneh
wong kang wus padha nampani kaluberaning
sih-rahmat sarta ganjaran kabeneran, mesthi
bakal urip lan masesa marga dening wong siji,
yaiku Gusti Yesus Kristus.

[18] Dadine padha kaya panerak siji nekakake
paukuman marang wong kabeh, mangkono
uga tumindaking kabeneran siji, njalari wong
kabeh padha kabenerake dadi lan uripe.
[19] Dadi padha kaya pambangkange wong siji
mau njalari wong kabeh dadi wong dosa,
mangkono uga marga saka pambangun-turute
wong siji kabeh wong banjur padha dadi wong
kang bener.

[20] Nanging angger-anggering Toret tumuli
kawuwuhake, supaya panerak dadi saya akeh,
dene ing ngendi kang dosane wuwuh akeh,
ing kono sih-rahmat dadi saya luber, [21] supaya
padha kaya si dosa wus nguwasani ing alam
pati, mangkono uga sih-rahmat iya bakal
masesa marga saka kabeneran kang njalari
urip langgeng, marga dening Gusti Yesus
Kristus, Gusti kita.

Mati lan tangi kalawan Sang Kristus

6:1-14

6 [1] Yen mangkono, apa ta sing bakal kita
gunem? Apa kita kepareng padha ndlarung
ing sajroning dosa, supaya wuwuha gedhene
sih-rahmat? [2] Babar pisan ora! Kita rak wis
mati tumraping dosa, kapriye anggon kita
isih padha bisa urip ing sajroning dosa mau?
[3] Apa kowe padha ora sumurup, yen kita
kang wus padha kabaptis ana ing Sang
Kristus, iku ateges wus padha kabaptis ana
ing sedane? [4] Dadi kita wus padha ndherek
kakubur kalawan Panjenengane, sarana
baptis ing pati mau, supaya padha kayadene
Sang Kristus wus kawungokake saka ing
antarane wong mati dening kamulyaning Sang
Rama, mangkono uga kita bakal urip ana ing
sajroning urip kang anyar.

[5] Sabab yen kita wus padha nunggal kalawan
apa kang padha karo sedane, kita iya bakal
padha nunggal kalawan apa kang padha karo
wungune. [6] Amarga kita padha sumurup yen

kamanungsan kita kang lawas iku wus ndherek
sinalib, supaya awak kita dununging dosa
kita iki sirna panguwasane, lan kita padha
ora ngawula marang dosa maneh. [7] Sabab,
sapa sing wis mati, iku wus luwar saka ing
dosa. [8] Dadi yen kita wus padha ndherek
kalawan Sang Kristus kita padha pracaya yen
iya bakal padha urip kalawan Panjenengane
uga. [9] Amarga kita padha sumurup, yen
Sang Kristus sawuse kawungokake saka
ing antarane wong mati, ora seda maneh:
si pati wis ora nguwasani Panjenengane
maneh. [10] Awit sedane iku, seda tumrap ing
dosa, mung sapisan kanggo salawase; lan
gesange iku gesang lumados marang Gusti
Allah. [11] Samono uga anggonmu mawas iya
mangkenea: kowe wus padha mati tumraping
dosa, nanging kowe padha urip lumados
marang Gusti Allah ana ing Sang Kristus
Yesus.

[12] Mulane si dosa aja nganti nguwasani
badanu kang kena ing pati iku maneh, supaya
kowe aja nganti nuruti pepenginane maneh.
[13] Sarta kowe aja masrahake gegelitaning
badanmu marang si dosa kanggo gegamaning
duraka, nanging badanmu saosna marang
Gusti Allah, kaya wong kang maune mati,
nanging saiki urip. Sarta gegelitaning badanmu
iku saosna marang Gusti Allah, minangka
gegamaning kabeneran. [14] Sabab si dosa ora
bakal nguwasani kowe maneh, marga kowe
padha ora kawengku ing angger-anggering
Toret, nanging kawengku ing sih-rahmat.

Bab pangawula rong warna

6:15-23

15 Tumuli kapriye? Apa kita banjur padha
nglakoni dosa marga ora kawengku ing
angger-anggering Toret, ananging kawengku
ing sih-rahmat? Babar pisan ora! 16 Apa kowe
padha ora sumurup, manawa masrahake
awakmu marang sawijining wong dadi abdi
kang mituhu iku, ateges kowe dadi bature
wong iku, sing kudu kokpituhu, embuh ing
bab dosa kang nggendeng kowe marang pati,
embuh pamituhu kang nuntun kowe marang
kabeneran? 17 Nanging sokur marang Gusti
Allah! Ing maune kowe iku dadi bature si dosa,
nanging ing saiki kanthi gumolonging atimu
kowe wus padha mituhu marang piwulang
kang kaluntakake marang kowe. 18 Kowe
wis padha kaluwaran saka ing dosa lan dadi
abdining kabeneran. 19 Bab iki dakpituturake
cara manungsa awit saka karingkihanmu.
Sabab kayadene kowe wus masrahake
gegelitaning badanmu dadi baturing rereged
lan duraka tumuju marang duraka, mangkono
uga kowe saiki kudu masrahake gegelitaning
badanmu dadi abdining kabeneran kang
tumuju ing kasucen.

20 Sabab nalika kowe padha dadi kawulaning
dosa, kowe padha ora kawengku ing
kabeneran. 21 Lan apa oleh-olehanmu? Kabeh
iku njalari kowe saiki banjur padha rumangsa
isin amarga wekasane iku pati. 22 Nanging

saiki bareng kowe wus padha kauwalake saka
ing dosa lan bareng kowe wus padha dadi
abdining Allah, kowe padha ngundhuh woh
kang nuntun kowe marang kasucen sarta
wekasane iku urip kang langgeng.
23 Awit
pituwase dosa iku pati, balik sih-peparinge
Gusti Allah iku urip langgeng ana ing Sang
Kristus Yesus, Gusti kita.

Bab angger-anggering Toret

7:1-12

7
1 Para sadulur, apa kowe padha ora
sumurup, -- awit aku pitutur marang kang
padha paham ing bab angger-angger, -- yen
ta angger-angger iku anggone mengku wong
ing sajege urip?
2 Sabab wong wadon iku
kecencang ing angger-angger marang sing
lanang, sasuwene sing lanang iku isih urip,
nanging manawa sing lanang wis mati, wong
wadon mau uwal saka ing angger-angger
kang nancang mau.
3 Dadi yen gelem diepek
bojo wong lanang liyane sajrone kang lanang
isih urip, wong wadon mau diarani laku
bedhang. Nanging manawa kang lanang
wus mati, wong wadon mau wus uwal saka
angger-angger, satemah manawa diepek bojo
wong lanang liya, ora diarani laku bedhang.
4 Yen mangkono, para sadulurku, kowe iya
wis padha mati tumrap ing angger-anggering
Toret, jalaran saka saririne Sang Kristus,
supaya kowe dadia kagunganing liyan,
yaiku kagungane Panjenengane, kang wus

kawungokake saka ing antarane wong mati,
amrih kita padha metokna woh, sumaos
kagem Gusti Allah. [5] Awit nalika kita isih padha
urip ana ing daging, hawa-nepsuning dosa
kang kagugah dening angger-anggering Toret,
iku ndayani ana ing gegelitaning badan kita,
satemah kita padha metokake woh kanggo si
pati, [6] ananging saiki kita wus kauwalake saka
ing angger-anggering Toret, awit kita wus
padha mati tumrap kang maune ngunjara kita,
satemah saiki kita leladi ana ing kaanan kang
anyar, manut ing Roh, ora ana ing kaanan
lawas manut ing sastrane angger-anggering
Toret.

[7] Yen mangkono apa sing arep kita gunem?
Angger-anggering Toret iku apa dosa? Babar
pisan ora! Malah marga saka angger-anggering
Toret iku aku nyumurupi dosa. Aku mangsa
ngretia bab kamelikan yen angger-anggering
Toret ora dhawuh: "Sira aja melik!" [8] Nanging
marga saka pepakon mau, dosa oleh jalaran
kanggo nenangi sarupaning kamelikan ana
ing aku, sabab tanpa angger-anggering Toret,
dosa iku mati. [9] Ing maune aku iki urip tanpa
angger-anggering Toret, nanging satekane
pepakon mau, dosa wiwit urip, [10] balik aku
mati. Sarta pepakon kang mesthine nuntun
marang urip, nanging tumraping aku malah
dadi jalaraning pati. [11] Awit saka ananing
pepakon iku, dosa oleh jalaran nasarake aku,
lan marga saka pepakon iku mau si dosa
mateni aku. [12] Dadi angger-anggering Toret

iku suci, lan pepakon iku iya suci, bener lan
becik.

Perange angger-anggering Toret lan dosa

7:13-25 (7:13-26)

[13] Yen mangkono, apa bab kang becik iku dadi
jalaraning patiku? Babar pisan ora! Nanging
amrih tetelaa yen iku mau si dosa, dosa iku
migunakake bab kang becik kanggo nekakake
patiku, satemah marga saka pepakon mau,
banjur saya luwih cetha maneh wujude
si dosa. [14] Sabab kita sumurup, manawa
angger-anggering Toret iku awatak kasukman,
nanging aku iki awatak kadagingan, kaedol
dadi budhake si dosa. [15] Sabab apa bae kang
daklakoni iku, aku dhewe ora sumurup. Ujer
apa kang daklakoni iku mau dudu bab kang
dakkarepake; nanging apa kang daksengiti, iku
kang daklakoni. [16] Dadi manawa aku nglakoni
bab kang ora dakkarepake iku, ateges aku
ngakoni yen angger-anggering Toret iku becik.
[17] Manawa mangkono dudu aku maneh kang
nglakoni, ananging si dosa kang dumunung
ana ing atiku. [18] Sabab aku sumurup, yen aku
iki, yaiku dagingku, ora kadunungan bab kang
becik. Sabab karep iku pancen ana ing aku,
nanging dudu bab nglakoni apa kang becik.
[19] Sabab kang daklakoni iku dudu bab kang
dakkarepake, yaiku bab kang becik, nanging
kang daklakoni iku bab kang ala, dudu kang
dakkarepake. [20] Dadi yen aku nglakoni bab
kang ora dakkarepake, ateges wis dudu aku

maneh kang nglakoni, nanging si dosa kang
dumunung ana ing aku.
[21] Kang iku, aku nemu wewaton mangkene:
Manawa aku kepengin nindakake kang becik,
kang ala wis cumawis ana ing aku. [22] Sabab
sajroning batinku, aku seneng marang angger-
anggere Gusti Allah, [23] nanging gegelitaning
badanku kadunungan angger-angger liya kang
narungi angger-anggering akal-budiku, sarta
njalari aku dadi tawananing angger-anggere
dosa kang dedunung ana ing gegelitaning
badanku. [24] Wong cilaka aku iki! Sapa kang
bakal ngluwari aku saka badan reh-rehane pati
iki? [25] Aku ngucap sokur marang Gusti Allah,
iku marga dening Gusti Yesus Kristus, Gusti
kita. (7-26) Dadi kalawan akal-budiku, aku
ngawula marang angger-anggere Gusti Allah,
nanging kalawan daging ngawula marang
angger-anggere si dosa.

Urip kang katuntun ing Sang Roh

8:1-17

8 [1] Kang iku saiki wis ora ana paukuman
maneh tumrap wong kang padha ana
ing Sang Kristus Yesus. [2] Sang Roh, kang
paring urip, wus ngluwari kowe kabeh ana ing
Sang Kristus, saka angger-anggering dosa
lan angger-anggering pati. [3] Awit bab kang
ora bisa ditindakake dening angger-anggering
Toret awit saka apese marga dening daging,
wus katindakake dening Gusti Allah sarana
ngutus Kang Putra piyambak ana ing daging,

nyami warni kaya daging kadosan awit saka
dosa. Panjenengane wus matrapi paukuman
tumrap dosa ana ing daging, [4] supaya ukume
angger-angger katetepana ana ing kita, kang
padha ora lumaku nuruti daging, nanging
manut marang Sang Roh. [5] Sabab wong
kang uripe kawengku ing daging, iku padha
ngangen-angen kang mungguh ing daging;
nanging wong kang uripe manut ing Sang
Roh, pangangen-angene miturut Sang Roh.
[6] Awitdene pangangen-angene daging iku pati,
balik pangangen-angene Sang Roh iku urip
lan tentrem-rahayu. [7] Sabab pepenginaning
daging iku nyatru marang Gusti Allah, awit ora
sumuyud marang angger-anggere Gusti Allah,
amarga pancen iya ora bisa. [8] Wong kang uripe
kawengku ing daging iku ora bisa ndadekake
keparenge Gusti Allah.

[9] Balik kowe iku padha ora kawengku ing
daging, nanging padha ana ing Sang Roh,
semono iku manawa Rohing Allah pancen
dedalem ana ing kowe. Nanging sing sapa
ora kadunungan Rohe Sang Kristus, iku dudu
kagungane Sang Kristus. [10] Nanging manawa
Sang Kristus dedalem ana ing kowe, sanadyan
raga iku mati marga saka dosa, nanging sukma
iku urip awit saka kabeneran. [11] Lan manawa
Rohe kang wus mungokake Gusti Yesus saka
ing antarane wong mati iku dedalem ana ing
kowe, dadine kang wus mungokake Sang
Kristus Yesus saka ing antarane wong mati iku
iya bakal nguripake badanmu kang kena ing

pati iku, lumantar Sang Roh kang dedalem
ana ing kowe.
12 Mulane para sadulur, kita iki padha
kapotangan, nanging ora marang daging
supaya urip nuruti daging. 13 Sabab yen
uripmu nuruti daging, kowe mesthi padha
mati; nanging yen kowe mateni hawaning
raga marga dening Roh, kowe bakal padha
urip. 14 Kabeh wong kang katuntun dening
Rohe Gusti Allah, iku dadi putrane Gusti
Allah. 15 Awit kowe padha ora nampani rohing
pangawulan kang njalari kowe dadi wedi
maneh, nanging kowe wis padha nampani
Sang Roh kang njalari kowe dadi putrane
Gusti Allah. Marga saka Roh iku kita banjur
padha nyebut: "Abba, Rama!" 16 Sang Roh iku
anekseni bebarengan karo roh kita, yen kita
iku para putrane Gusti Allah. 17 Dene manawa
kita iki dadi putra, dadi iya ahli waris, tegese
wong kang padha nduweni wewenang nampani
prasetyane Gusti Allah, kang bakal nampani
iku bebarengan karo Sang Kristus, yaiku
yen pancen kita padha ndherek nandhang
sangsara, supaya iya ndhereka kamulyakake
kalawan Panjenengane.

Bab pangarep-arepe para putraning Allah

8:18-30

18 Sabab aku yakin, yen sangsara ing jaman
saiki iku ora paja-paja timbang yen katandhing
karo kamulyan kang bakal kalairake marang
kita.

[19] Sabab kanthi cecengklungen sakehing
tumitah anggone padha nganti-anti marang
wektu kababare para putrane Gusti Allah.
[20] Awit sakehing tumitah wus katelukake
marang kaapesan, ora saka karepe dhewe,
nanging marga saka karsane Panjenengane
kang nelukake, [21] ananging sajroning
pangarep-arep, marga kang tumitah iku
dhewe uga bakal kaluwaran saka ing
pangawulaning karusakan, lan lumebu marang
ing kamardikaning kamulyane para putrane
Gusti Allah. [22] Sabab kita padha sumurup,
yen nganti saprene sakehing tumitah iku iya
padha sesambat lan iya padha ngrasakake
larane wong nglarani arep nglairake jabang
bayi. [23] Lan ora ngamungake iku bae, dalasan
kita dhewe kang wus kaparingan Sang Roh
minangka ganjaran wiwitan, uga padha
sesambat sajroning ati kalawan nganti-anti
marang kaputran, yaiku pangluwaraning
badan kita. [24] Sabab kita padha kapitulungan
rahayu ana ing pangarep-arep. Nanging
pangarep-arep kang kasat mripat iku dudu
pangarep-arep maneh, marga kapriye bisane
isih ngarep-arep tumrap barang kang wis
katon? [25] Nanging manawa kita ngarep-arep
marang apa kang ora kita deleng, dadi anggon
kita padha ngarep-arep iku kalawan sabar
mantep.

[26] Mangkono uga Sang Roh iya mbiyantu
kita ing sajroning kaapesan kita; awit kita
padha ora sumurup apa kang sabenere kita
suwun ana ing pandonga; nanging Sang

Roh piyambak kang ndedonga kanggo kita
marang Gusti Allah, kanthi pasambat kang
ora kena winirasa. 27 Sarta Gusti Allah kang
nitipriksa sajroning ati, mirsa karsane Sang
Roh yaiku manawa anggone ndedonga kanggo
para suci nyondhongi karsane Gusti Allah.
28 Saiki kita padha sumurup, yen Gusti Allah
uga makarya ana ing samubarang kabeh,
njalari becike wong kang padha tresna marang
Panjenengane, yaiku para kang tinimbalan
miturut ing pepesthening Allah. 29 Marga
kabeh wong kang wus kapilih wiwit ing sakawit
dening Panjenengane, iku iya katamtokake
wiwit ing sakawit dadi madha rupa citrane
Kang Putra, supaya Kang Putra iku dadi
pembayun ana ing antarane sadulur akeh.
30 Sarta wong kang padha katamtokake wiwit
ing sakawit iku iya padha katimbalan. Lan
kang wus padha ditimbali, iku iya padha
kabenerake. Apadene kang wus kabenerake,
iku iya padha dimulyakake.

Bab katamtuaning pracaya

8:31-39

31 Kang iku apa kang bakal kita gunem
tumrap kabeh mau? Manawa Gusti Allah ana
ing pihak kita, sapa kang bakal nglawan kita?
32 Kang ora ngeman Kang Putra piyambak,
nanging malah nganti dipasrahake kanggo
kita kabeh, apa iya kalakon ora maringake
samubarang kabeh marang kita bareng lan
Panjenengane? 33 Sapa kang bakal nggugat

para pepilihane Gusti Allah? Apa Gusti Allah
kang mbenerake wong-wong mau? Sapa
kang bakal matrapi paukuman? [34] Apa Sang
Kristus Yesus kang wus seda? Malah luwih
saka iku, apa kang wus kawungokake, kang
lenggah ana ing satengene Gusti Allah, kang
malah dadi pangemban kita? [35] Sapa kang
bakal megatake kita saka ing sihe Sang
Kristus? Apa panganiaya, apa rupeking ati,
apa panguya-uya, apa kaluwen, apa kawudan,
apa bebaya, apa pedhang? [36] Kaya kang wus
katulisan:

"Margi saking Paduka, kawula sami wonten
ing salebeting bebaya pejah sadinten
muput,
kawula sami kaanggep kados menda
sembelehan."

[37] Nanging mungguhing bab iku mau kabeh,
kita padha ngungkuli wong kang padha
menang, jalaran saka Panjenengane kang
wus ngasihi kita. [38] Sabab aku mesthekake,
sanadyan pati utawa urip, para malaekat apa
para panguwasa, kang saiki ana utawa kang
bakal ana, [39] apa para panguwasa kang ana
ing dhuwur utawa ing ngisor, lan sadhengah
titah liyane, ora bakal bisa megatake kita saka
ing sihe Gusti Allah, kang ana ing Sang Kristus
Yesus, Gusti kita.

Prasetyane Gusti Allah iku mesthi kalakon

9:1-29

9 [1] Kandhaku iki temen-temen ana ing Sang
Kristus, aku ora goroh. Sabab osiking
atiku melu nekseni marga dening Sang
Roh Suci, [2] manawa aku nandhang prihatin
banget, lan tansah sedhih. [3] Awit aku iki iya
saguh kena ing ipat-ipat, sarta kapegat saka
Sang Kristus marga saka para sadulurku,
golonganing bangsaku mungguhing daging.
[4] Sabab iku kabeh padha wong Israel kang
wus kaangkat dadi putra lan wis kaparingan
kamulyan tuwin prajanjian-prajanjian sarta
angger-anggering Toret, apadene sarengat lan
prasetya-prasetya. [5] Kang padha dadi tedhak
turune para rama leluhur, kang nurunake
Sang Kristus mungguh ing daging, kang
ngungkuli samubarang kabeh. Panjenengane
iku Gusti Allah kang kudu pinuji-puji ing
salawas-lawase. Amin.
[6] Ewadene pangandikane Gusti Allah iku
mokal yen wurunga. Awit ora saben trahe
Israel iku wong Israel, [7] lan iya ora kabeh
kang kagolong turune Rama Abraham iku
tedhake Rama Abraham, nanging: "Kang asale
saka Iskak iku kang bakal kasebut turunira."
[8] Tegese: Dudu para anak kang miturut ing
daging kang dadi para putrane Gusti Allah,
nanging para anak prasetyan kang kaetang
dadi turun kang sah. [9] Sabab pangandika
iku isi prasetya mangkene: "Ing watara

pendhak mangsa iki Ingsun bakal rawuh, sarta
Sarah bakal duwe anak lanang.” [10] Malah ora
ngamungake iku bae. Luwih cetha maneh Ibu
Ribkah kang mbobot kembar saka priya siji,
yaiku Rama Iskak, rama leluhur kita. [11] Sabab
nalika bayi-bayi mau durung padha lair, lan
durung nglakoni panggawe becik utawa ala, --
supaya rancangane Gusti Allah bab pamilihe
tetepa, ora adhedhasar ayahan nanging
adhedhasar timbalane, -- [12] dipangandikakake
marang Ribkah, mangkene:

“Sing tuwa bakal ngawula marang sing
enom,”

[13] iya kaya kang katulisan, wiraose:

“Yakub Sunkasihi, nanging Esau Sunsengiti.”

[14] Yen mangkono, apa kang bakal kita gunem?
Apa Gusti Allah ora adil? Mokal! [15] Sabab
Panjenengane wus ngandika marang Nabi
Musa, mangkene: “Ingsun bakal melasi
marang sapa bae kang Sunkarsakake
Sunwelasi, sarta Ingsun bakal paring
sih-kamirahan marang sapa bae kang
Sunkarsakake Sunparingi sih-kamirahan.”
[16] Dadi bab iku ora gumantung marang
kareping wong utawa reka-dayaning wong,
nanging gumantung marang sih-kamirahane
Gusti Allah. [17] Marga ing Kitab Suci ana
pangandika marang Sang Prabu Pringon,
mangkene: “Yaiku sababe anggoningSun
ngadegake sira, yaiku supaya Ingsun bisa
ngatingalake panguwaosingSun ana ing sira,
sarta AsmaningSun supaya kasuwurna ing
salumahing bumi.” [18] Dadi Panjenengane

maringi sih-piwelas marang sapa bae kang
dikarsakake, lan Panjenengane mangkotake
marang sapa bae kang dikarsakake.
19 Saiki kowe arep padha tutur marang aku:
“Yen mangkono, apa maneh kang kaanggep
luput dening Panjenengane? Sabab sapa
kang bisa nglawan karsane?” 20 Nanging,
heh manungsa, kowe iku sapa ta, dene kok
madoni marang Gusti Allah? Apa iya bisa,
ta, barang gegawean calathu marang kang
gawe mangkene: “Yagene dene anggonmu
gawe aku kok kaya mangkene?” 21 Apa kundhi
iku ora duwe wewenang tumrap lempunge;
prongkolan kang padha, salong kagawe
barang kang mulya, salong kagawe barang
liyane kang lumrah? 22 Lan kapriye saupama
kagem ngatingalake bebendu lan nedahake
panguwaose, Gusti Allah paring kasabaran
kang gedhe marang para kang minangka
wadhahing bebendu, kang wus kacadhangake
marang karusakan, 23 mangka iku malah
kagem ngatingalake anggone sugih kamulyan
marang para kang minangka wadhahing
sih-piwelase, kang wis cinadhangake marang
kamulyan? 24 Yaiku kita kang wus padha
katimbalan, ora mung saka ing antarane
wong Yahudi bae, nanging uga saka ing
antarane bangsa-bangsa liya, 25 kaya kang
wus dipangandikakake uga ana ing kitabe Nabi
Hosea, wiraose:
“Kang dudu umatingSun bakal Sunsebut
umatingSun,

lan kang dudu kekasih, iku Sunsebut
kekasih.”
26 Lan ing panggonan kang wong-wonge
dipangandikani:
“Sira iku dudu umatingSun,”
ing kono wong-wong mau bakal
dipangandikani:
“Para Putrane Gusti Allah kang sipat gesang.”
27 Lan Nabi Yesaya nguwuh ing ngatase bangsa
Israel, mangkene: “Sanadyan Banisrael iku
cacahe kaya wedhine sagara, nanging mung
kekarene bae kang bakal pinaringan rahayu.
28 Sabab apa kang wus dipangandikakake,
bakal tumuli katindakake dening Pangeran ana
ing bumi, kalawan sampurna.” 29 Karodene
kaya kang kawecakake dening Nabi Yesaya ing
sadurunge mangkene:
“Saupama Gusti Allah kang murbeng dumadi
ora ngarekake turun marang kita,
kita wus dadi kaya Sodom
lan padha kaya Gomora.”

Karahayone bangsa-bangsa liya lan pamblasare bangsa Israel

9:30--10:3

30 Yen mangkono, apa kang bakal kita
gunem? Iki: Bangsa-bangsa liya kang padha
ora ngupaya kabeneran, wus padha oleh
kabeneran, yaiku kabeneran kang awit saka
pracaya. 31 Nanging: Bangsa Israel sanadyan
ngupaya angger-angger kang bakal nekakake
kabeneran, ora nganti nyandhak marang

angger-angger mau. 32 Yagene kok ora?
Sabab bangsa Israel anggone ngupaya ora
marga saka pracaya, nanging marga saka
panggawe, marga padha kasandhung ing
watu sesandhungan, 33 kaya kang katulisan,
wiraose:

"Lah ing Sion Sundokoki watu tetanggoran
tuwin watu sesandhungan, lan:
Sapa kang pracaya marang iku, ora bakal
kawirangan."

10 1 Para sadulur, kang dadi pepenginaning
atiku lan pandongaku marang
Pangeran, wong-wong mau muga padha
kapitulungana rahayu. 2 Amarga aku nekseni,
yen pancen padha taberi banget anggone
ngabekti marang Gusti Allah, nanging tanpa
pangreten kang bener. 3 Sabab, padha ora
wanuh marang kabeneraning Allah sarta
ngarah ngadegake kabenerane dhewe, mulane
padha ora sumuyud marang kabeneran kang
saka Gusti Allah.

Kabeneran awit saka pracaya

10:4-15

4 Sabab Sang Kristus iku kang wus mungkasi
angger-anggering Toret, satemah saben
wong kang pracaya banjur oleh kabeneran.
5 Sabab Nabi Musa nyerat bab kabeneran
kang marga saka ing angger-anggering Toret
iku mangkene: "Sapa kang nglakoni prakara
iku, bakal urip marga saka iku." 6 Nanging
kabeneran kang awit saka pracaya iku,

wewarahe mangkene: “Aja ana osiking atimu:
Sapa ta kang bakal sumengka menyang ing
swarga?” yaiku prelu ngaturi Gusti Yesus
tumedhak, 7 utawa: “Sapa ta kang bakal
mudhun menyang telenganing pati?” yaiku:
prelu nginggahake Sang Kristus saka ing
antarane wong mati. 8 Nanging kapriye
wewarahe? Mangkene:

“Pangandika iku cedhak karo kowe,
ana ing tutukmu lan ana ing atimu.”

Yaiku pangandika bab pracaya, kang
dakwartakake. 9 Sabab, manawa sarana
tutukmu kowe ngakoni yen Gusti Yesus iku
Gusti, lan atimu pracaya yen Gusti Allah wus
mungokake Panjenengane saka ing antarane
wong mati, kowe bakal kapitulungan rahayu.
10 Sabab, kalawan ati wong iku anggone
pracaya sarta kabenerake, lan kalawan
tutuk wong anggone ngakoni pracaya, sarta
kapitulungan rahayu. 11 Awit Kitab Suci
ngandika mangkene: “Sapa kang pracaya
marang Panjenengane, ora bakal kawirangan.”
12 Sabab wong Yahudi lan wong Yunani iku
ora ana bedane. Ujer Gusti Allah mung
siji, kang dadi Gustine wong kabeh, sarta
luber kadarmane marang sadhengah wong
kang padha nyebut marang Panjenengane.
13 Awitdene sapa kang nyebut Asmaning
Pangeran bakal kapitulungan rahayu.

14 Nanging kapriye anggone padha bisa
nyebut marang Panjenengane? Kapriye
anggone padha pracaya ing Panjenengane,
yen padha ora krungu bab Panjenengane?

Kapriye anggone padha krungu bab
Panjenengane manawa ora ana kang martani?
15 Lan kapriye anggone padha bisa aweh
pawarta bab Panjenengane, manawa padha
ora kautus? Kaya kang katulisan, wiraose:
“Iba anggone nyenengake tekane wong kang
padha nggawa pawarta becik.”

Bab bangsa Israel anggone ora pracaya

10:16-21

16 Ananging ora kabeh wong padha nampani
pawarta becik iku mau. Sabab Nabi Yesaya
munjuk mangkene: “Dhuh Pangeran, sinten
ingkang pitados dhateng punapa ingkang sami
kawula wartosaken?”
17 Dadine pracaya iku
thukule awit saka pangrungu, sarta pangrungu
iku marga saka pangandikane Sang Kristus.
18 Ananging aku takon: Apa padha ora krungu?
Sajatine wus padha krungu:

“Swarane wus nyrambahi ing salumahing bumi,
Sarta tembunge wis tekan ing tapel watesing jagad.”

19 Nanging aku takon maneh: Apa kirane
bangsa Israel ora mangreti? Kang dhisik ana
pangandikane Nabi Musa mangkene:

“Ingsun bakal nenangi kumerenira marang kang dudu umat,
sarta nenangi nepsunira marang bangsa kang bodho.”

20 Lan kalawan kendel Nabi Yesaya ngandika:

"Ingsun wus ditemu dening wong kang
padha ora ngupaya Ingsun.
Ingsun wus ngatingal marang wong-wong
kang ora nakokake Ingsun."
21 Balik tumrap bangsa Israel pangandikane
mangkene: "Sadina muput anggoningSun
ngegarake astaningSun marang bangsa kang
ora mbangun-turut sarta madoni."

Kekarene bangsa Israel

11:1-10

11 1 Kang iku aku takon: Apa kirane Gusti
Allah wus nampik umate? Babar pisan
ora! Awit aku dhewe iya wong Israel trahe
Rama Abraham, saka taler Benyamin. 2 Gusti
Allah ora nampik umate kang dipilih. Apa
kowe padha ora sumurup, apa kang wus
dipangandikakake ing Kitab Suci bab Nabi
Elia, nalika nggugat bangsa Israel ana ing
ngarsane Gusti Allah: 3 "Dhuh Pangeran,
para nabi Paduka sampun sami dipun pejahi,
misbyah-misbyah Paduka sampun dipun
risaki, namung kawula piyambak ingkang
taksih gesang, mangka tiyang-tiyang sami
ngangkah pejah kawula." 4 Nanging kapriye
pangandikane Gusti Allah marang Nabi Elia
mau? Mangkene: "Ingsun isih ngengehake
wong pitung ewu kagem Ingsun, kang ora tau
sujud nyembah marang Baal." 5 Mangkono uga
ing wektu saiki, iya ana kekaren, awewaton
pamilihe sih-rahmat. 6 Nanging manawa bab
iku kalakone awit saka sih-rahmat, dadine wis

ora marga saka panggawe maneh, sabab yen
ora mangkono, kang diarani sih-rahmat iku wis
dudu sih-rahmat maneh. 7 Kang iku kapriye?
Israel ora bisa nggayuh apa kang diupaya,
nanging kang nampani iku para wong kang
pinilih. Dene liyane padha mangkotake atine,
8 kaya kang katulisan, wiraose:
“Gusti Allah ndadosake wong-wong mau
padha turu kepati,
maringi mripat kang ora kanggo ndeleng,
lan kuping kang ora kanggo ngrungokake,
nganti tumeka ign dina iki.”
9 Sarta Sang Prabu Dawud munjuk:
“Pakembulanipun dadosa kalajiret saha
jaring,
tuwin sesandhungan,
punapadene piwales tumrap tiyang-tiyang
punika.
10 Saha mripatipun sami kadamela peteng,
satemah sami boten ningali,

Bangsa Israel kasandhung, bangsa-bangsa liya padha rahayu

11:11-24

11 Kang iku aku takon: Apa wong mau
anggone padha kasandhung iku supaya tiba?
Babar pisan ora! Nanging awit saka panerake,
karahayon banjur tumiba marang bangsa-
bangsa liya, supaya padha thukul kumerene.
12 Awit manawa panerak mau njalari
kasugihaning jagad, lan kakurangane dadi

kasugihane bangsa-bangsa liya mendahane
maneh mungguh ing kasampurnane.
13 Aku pitutur marang kowe, heh para bangsa
saliyane bangsa Yahudi. Iya marga aku iki
dadi rasule para bangsa saliyane bangsa
Yahudi, aku nganggep yen bab iki dadi
kamulyaning pangabdiku, 14 yaiku bokmanawa
aku bisa nenangi rasa kumeren sajroning
batine para kadangku tunggal bangsa
miturut daging, sarta bisa mitulungi rahayu
marang panunggalane sawatara. 15 Sabab
yen panampike iku ateges pirukun tumrap
ing jagad, wong-wong iku anggone nampani
apa ora ateges kauripan saka ing antarane
wong mati? 16 Manawa panenan wiwitan
iku suci, jladrene iya suci kabeh, lan yen
oyode suci, pang-pange iya suci. 17 Mulane,
manawa pang-pange wus ana sawatara kang
dikethoki, lan kowe kang dadi thukulan alas
sing ditancebake ana ing antarane, temahan
melu oleh panduman saka oyode wit jaitun
kang kebak tlutuh iku, 18 kowe aja padha
gumunggung marang pang-pang iku! Manawa
gumunggung dieling, yen dudu kowe kang
nyangga oyod iku, nanging oyod iku kang
nyangga kowe. 19 Bisa uga kowe bakal calathu:
Mulane ana pang kang padha dikethoki, iku
supaya aku ditancebake ana ing antarane
minangka thukulan. 20 Iya bener! Anggone
padha dikethoki iku, awit saka anggone
ora pracaya, lan kowe anggonmu tetep iku
marga saka pracaya. Kowe aja kumlungkung,
aluwung wedia! 21 Sabab, manawa Gusti

Allah ora ngeman marang pangpang kang
asli, iya ora bakal ngeman marang kowe
uga. 22 Mulane waspadakna sih-kamirahane
Gusti Allah, sarta kekerasane uga, yaiku
kekerasane tumrap wong kang wis padha tiba,
nanging kamirahane tumrap kowe, samono
iku manawa kowe tetep ana ing kamirahane,
manawa ora, kowe iya bakal padha kapagas
uga. 23 Nanging mungguh pang kang wis padha
kapagas mau, yen ora ngantepi anggone ora
pracaya bakal katancebake maneh, jalaran
Gusti Allah kagungan panguwasa nancebake
maneh. 24 Sabab manawa kowe wis padha
kakethok saka ing wit jaitun alas lan cengkah
karo dhasarmu kowe padha katancebake
ing wit jaitun sajati, mendahane maneh
pangpang kang tunggal dhasar, mesthi bakal
katancebake ing wit jaitun asline dhewe.

Anggone Israel kapitulungan rahayu

11:25-36

25 Awitdene para sadulur, supaya kowe aja
padha nganggep pinter awakmu dhewe,
karepku kowe padha nyumurupana wewadi iki:
Bangsa Israel iku salong padha mangkotake
atine nganti lumebune bangsa-bangsa liyane
saganepe. 26 Kalawan patrap mangkono
bangsa Israel bakal kapitulungan rahayu
kabeh, kaya kang katulisan, wiraose:

"Saka ing Sion bakal rawuhe Sang Juru
Panebus,

Panjenengane bakal nyingkirake sakehing
pamblasare Yakub.
27 Lan iki kang dadi prajanjianingSun kalawan
wong-wong iku, samangsa Ingsun
mbirat dosane.”
28 Manut Injil, wong-wong iku padha dadi
satrune Gusti Allah marga saka kowe,
ananging manut ing pilihan, wong-wong
iku padha dadi kekasihe Gusti Allah awit
saka para leluhur. 29 Sabab Gusti Allah ora
kagungan raos kaduwung tumrap peparinge
sih-rahmat sarta timbalane. 30 Sabab iya
padha kaya kowe ing maune, anggonmu
padha ora mbangun-miturut marang Gusti
Allah, nanging saiki wis oleh sih-piwelas
marga saka anggone ora mbangun-miturut
wong-wong iku, 31 mangkono uga wong iku
saiki iya padha ora mbangun-miturut, supaya
awit saka sih-piwelas kang wus kaparingake
marang kowe iku, wong mau iya bakal padha
oleh sih-piwelas. 32 Sabab wong-wong mau
wus padha kakurung dening Gusti Allah kabeh
ana ing kaanan ora mbangun-miturut, supaya
Panjenengane saged ngetingalake sih-piwelase
marang wong kabeh mau.

33 Wah, saiba agunging kasugihan,
kawicaksanan sarta kawaskithane Gusti Allah!
Kabeh putusane pranyata ora kena jinajagan,
sarta kabeh tindake ora kena katlusur.

34 Ujer sapa ta kang nyumurupi panggalihane
Pangeran?
Utawa, sapa ta kang wis tau dadi juru
pirembuge?

35 Utawa, sapa ta kang wis tau misungsung
apa-apa marang Panjenengane,
temahan banjur kaparingan leliru?
36 Awitdene anane samubarang kabeh
iku saka ing Panjenengane, lan
marga dening Panjenengane, sarta
lumadi marang Panjenengane:
Kamulyan kagema ing Panjenengane
salawas-lawase!

Kurban kang satuhu

12:1-8

12 1 Kang iku para sadulur, marga saka
sih-kamirahane Gusti Allah, aku pitutur
marang kowe, padha nyaosna badanmu
minangka kurban kang urip lan suci, sarta
kang dadi keparenge Gusti Allah: yaiku
pangibadahmu kang sajati. 2 Lan kowe aja
madha rupa kaya jagad iki, nanging padha
salina marga saka budimu kaanyarake,
satemah kowe bisa niteni apa kang dadi
karsane Gusti Allah, apa kang becik, kang
ndadekake keparenge Gusti Allah lan kang
sampurna.
3 Adhedhasar sih-rahmat kang kaparingake
marang aku, aku pitutur marang saben
wong ing antaramu: Kowe aja nganti mikir
prakara-prakara kang ngluwihi kang prayoga
kokpikir, nanging anggonmu mikir kudu kanthi
duga-prayoga, satemah kowe padha bisa
ngereh badanmu miturut ukuraning pracaya,
kang kaparingake dening Gusti Allah marang

kowe dhewe-dhewe. [4] Sabab padha kaya kita,
badan siji nduweni gegelitan akeh, nanging
gegelitan mau ayahane ora padha, [5] mangkono
kita iki, sanadyan akeh, padha dadi badan
siji ana ing Sang Kristus; ananging kita iki
kang siji padha dene dadi gegelitane sijine.
[6] Iya mangkono iku, dadi kita iki padha duwe
ganjaran beda-beda, miturut sih-rahmat kang
kaparingake marang kita: manawa ganjaran
mau kanggo medhar wangsit prayoga anggon
kita nindakake laras karo iman kita. [7] Yen
ganjaran mau kanggo leladi, iya padha leladia;
manawa ganjaran memulang, iya padha
memulanga; [8] yen ganjaran mau kanggo
mituturi, iya padha mituturana. Sapa kang
ngedum apa-apa, anggone nindakake akanthia
ati kang eklas; sapa kang mimpin, iya kang
kanthi taberi: sing sapa olah kawelasan, iya
nindakna kanthi bungah.

Pangatag-atag marang olah katresnan

12:9-21

[9] Tresna iku ditanpa lamis! Padha gethinga
ing piala sarta nglakonana panggawe
becik. [10] Kowe padha tresna-tinresnanana
dikaya sadulur, lan dadia tuladha ing bab
ajen-ingajenan. [11] Anggonmu taberi aja nganti
kendho, padha dibanter ing roh, lan padha
leladia marang Gusti. [12] Padha bungaha
sajroning pangarep-arep, disabar sajroning
karupekan, dimantep anggonmu ndedonga!
[13] Padha mitulungana ing kekuranganing

para suci, sarta padha merlokna aweh
pamondhokan! 14 Wong kang nguya-uya kowe,
pujekna becik, lan aja koksupatani. 15 Wong
kang bungah biyantonana bungahe, wong kang
nangis biyantonana panangise. 16 Ditunggal ati
ing sajroning pitepungan; aja ngarah marang
kang dhuwur-dhuwur, nanging padha ngudia
marang kang prasaja. Aja kuminter! 17 Aja
males ala marang wong kang gawe piala;
padha nindakna kang becik tumrap sadhengah
wong. 18 Sabisa-bisa yen pancen gumantung
marang kowe, andona rukun karo wong
kabeh. 19 Para sadulurku kang kinasih, aja
nganti kowe dhewe padha nandukake piwales,
nanging iku pasrahna marang bebendune
Gusti Allah, sabab ana tulisan mangkene:
"Pamales iku wewenangingSun. Ingsun kang
bakal malesake," mangkono pangandikaning
Pangeran. 20 Balik manawa satrumu kaluwen,
wenehana mangan; yen ngelak, wenehana
ngombe. Sabab kanthi patrap mangkono iku,
kowe prasasat numplek mawa ana ing sirahe.
21 Kowe aja nganti dikalahake dening piala,
malah piala iku kalahna sarana kabecikan.

Bab sumuyud marang panguwasa

13:1-7

13 1 Saben wong sumuyuda marang
panguwasa kang mbawahake, sabab
ora ana panguwasa kang asale ora saka Gusti
Allah; lan para panguwasa kang ana iku padha
katetepake dening Gusti Allah. 2 Mulane sing

sapa mbalela marang pamarentah, ateges
mbangkang marang pranatane Gusti Allah, lan
sapa bae kang mbangkang, bakal nekakake
paukuman marang awake dhewe. 3 Awit sing
sapa tumindak becik, ora usah wedi marang
pamarentah, kajaba yen nglakoni panggawe
ala. Apa kowe kapengin padha urip tanpa
nduweni rasa wedi marang panguwasa?
Nglakonana apa kang becik, temah kowe bakal
oleh pangaleme.
4 Awit pamarentah iku abdine Gusti Allah,
murih becikmu. Nanging manawa kowe
nindakake piala, iya wedia. Marga ora
tanpa gawe anggone ngasta pedhang. Awit
pamarentah iku abdine Gusti Allah kang
malesake paukuman marang wong kang
nglakoni piala. 5 Mulane kita prelu padha
sumuyud, ora mung marga bebendune
Gusti Allah bae, nanging iya marga saka
rumangsaning ati kita uga.
6 Rak iya marga saka iku anggonmu padha
asok pajeg. Ujer kang ngurus bab iku, iku
padha dadi peladose Gusti Allah. 7 Mbayara
marang wong akeh, apa bae kang kudu
kokbayar; pajeg marang wong kang wenang
nampani pajeg, beya marang wong kang
wenang nampani beya; pakering marang
wong kang darbe hak nampani pakering, lan
pakurmatan marang wong kang darbe hak
nampani pakurmatan.

Katresnan iku katetepane angger-anggering Toret

13:8-14

8 Kowe aja padha duwe utang apa-apa
marang sapa bae, kajaba mung utang
tresna-tinresnan. Awit sing sapa nresnani
sapadha-padha, iku ateges wis netepi ing
angger-anggering Toret. 9 Awit pangandika:
aja laku jina, aja memateni, aja nyenyolong,
aja melik, sarta sadhengaha pangandika
liyane iku wus kacakup ana ing pangandika iki,
yaiku: Tresnaa marang sapepadhanira dikaya
marang awakira dhewe!
10 Tresna iku ora nandukake piala marang
sapadha-padha, mulane katresnan iku
katetepane angger-anggering Toret. 11 Prakara
iki kudu koktindakake, awit padha sumurup
kaanane wektu saiki, yaiku yen wis wancine
kowe padha tangi. Sabab saiki karahayon wus
luwih cedhak tumrap kita, katimbang karo
nalikane kita lagi padha manjing pracaya.
12 Iki wus lingsir wengi, wus meh raina.
Mulane payo kita padha ngrucat sakehing
pratingkahing pepeteng, lan padha asikep
gegamaning pepadhang! 13 Payo kita padha
lumaku kang patut, kang sembada kalawan
raina, aja padha nguja memangan sarta
endem-endeman, aja laku jina sarta ngumbar
hawa-nepsu, aja tukar padu lan kumeren.
14 Nanging padha ngrasuka Gusti Yesus Kristus
(minangka gegamaning pepadhang) lan

aja mung ngopeni kadaginganmu kanggo
kamaremaning pepenginane.

Aja njeksani sadulurmu

14:1-12

14 [1] Wong kang ringkih pracayane
iku tampanana, lan aja ngrembug
panemune. [2] Ana wong kang yakin, yen
kena mangan sawernaning pangan, nanging
wong kang ringkih pracayane mung mangan
jejanganan bae. [3] Sapa kang mangan, aja
ngremehake kang ora mangan, sarta sapa
kang ora mangan aja njeksani wong kang
mangan, awit iku wus katampen dening Allah.
[4] Kowe iku sapa ta, dene kok njeksani baturing
liyan? Wong iku ngadeg apa tiba, iku rak
urusane lurahe dhewe. Nanging wong iku
bakal tetep ngadeg, marga Pangeran kuwaos
njaga supaya terus ngadeg.
[5] Sabab ana wong kang duwe panganggep,
yen ana dina kang luwih wigati katimbang
dina-dina liyane, nanging ana maneh kang
ngarani yen kabeh dina iku padha bae. Saben
wong iku nemtokna ana ing atine dhewe.
[6] Sing sapa ngajeni marang sawijining dina,
iku anggone ngajeni kagem Gusti. Lan sing
sapa mangan, iku pamangane cumadhang ing
Gusti, marga wong iku saos sokur marang
Gusti Allah. Lan sing sapa ora mangan,
anggone ora mangan iku iya cumadhang
ing Gusti, lan uga saos sokur marang Gusti
Allah. [7] Awit kita iki siji bae ora ana kang uripe

kanggo awake dhewe, sarta sijia bae ora ana
kang patine kanggo awake dhewe. [8] Marga
manawa kita urip, urip kita cumadhang
marang Gusti, lan manawa kita mati, mati
kita iya cumadhang marang Gusti. Dadi
urip utawa mati, kita iki kagungane Gusti.
[9] Sabab, iya iku kang dikarsakake anggone
Sang Kristus seda sarta wungu maneh, supaya
Panjenengane jumenenga Gustine wong mati
lan wong urip. [10] Ananging kowe, yagene kok
njeksani sadulurmu? Utawa yagene kowe
kok ngremehake sadulurmu? Awit kita kabeh
kudu padha seba ing ngarsaning dhampar
pangadilane Gusti Allah. [11] Awit ana tulisan,
wiraose:

"Demi gesangingSun, mangkono
pangandikaning Pangeran,
kabeh dhengkul bakal padha sujud ana ing
ngarsaningSun,
sarta sakehe ilat bakal ngluhurake Gusti
Allah."

[12] Dadine siji-sijine panunggalan kita iku bakal
ngunjukake panjawab marang Gusti Allah bab
prakarane dhewe-dhewe.

Aja gawe sandhungan

14:13-23

[13] Mulane kita aja padha adil-ingadilan
maneh! Nanging luwih becik kowe padha
manuta wawasan iki: Kita aja gawe
sesandhungan utawa serike sadulur kita.

14 Aku sumurup lan nemtokake ana ing Gusti
Yesus, yen ora ana barang kang najis saka
dhasare dhewe. Ya mung kanggo wong kang
duwe panganggep, manawa ana barang kang
najis, iku banjur dadi najis tumrap wong mau.
15 Awit yen kowe nglarakakake atine sadulurmu
marga saka apa kang kokpangan, lakumu
wus ora awewaton katresnan maneh. Kowe
aja gawe rusake sadulurmu marga saka
panganmu, sabab Sang Kristus wus seda
kanggo wong iku. 16 Apa kang becik, kang
dadi duwekmu iku, aja nganti dadi jalaraning
pangala-ala. 17 Sabab Kratone Gusti Allah iku
dudu bab mangan lan ngombe, nanging bab
kabeneran, tentrem-rahayu sarta suka-pirena
marga dening Sang Roh Suci. 18 Awit sapa
kang ngladeni Sang Kristus kanthi patrap
mangkono, iku dadi keparenge Gusti Allah
sarta kajen ing wong.
19 Mulane payo kita padha nggayuh
marang apa kang ndadekake rukun sarta
bangun-binangun. 20 Kowe aja mbubrah
pakaryane Gusti Allah marga dening pangan!
Samubarang kabeh iku kalal, nanging ala
tumraping wong, yen pangane njalari wong
liya kesandhung. 21 Becike kowe aja mangan
daging sarta aja ngombe anggur, utawa apa
bae kang dadi sandhungan tumrap sadulurmu.
22 Antepana kang dadi keyakinanmu iku
tumrap awakmu dhewe ana ing ngarsane
Gusti Allah. Rahayu wong kang ora ngluputake
awake dhewe tumrap apa kang dianggep
becik katindakake. 23 Nanging sing sapa

mangan kanthi mangu-mangu, iku ateges
wis kaukum, awit anggone nindakake iku ora
dilambari pracaya. Mangka samubarang kang
ora kalambaran pracaya iku dosa.

Wong kang ringkih lan kang santosa

15:1-13

15 [1] Anadene kita kang padha santosa,
wajib nyabari karingkihaning wong
kang ora santosa, lan aja ngupaya kasenengan
kita dhewe. [2] Siji-sijine panunggalan kita,
nglegakna atine sapadha-padha, murih becike
supaya kabangun. [3] Awit Sang Kristus uga ora
ngupaya keparenge piyambak, nanging kaya
kang katulisan, wiraose: “Tembung-tembung
panacadipun tiyang ingkang sami nenacad
Paduka, dhumawah dhateng kawula.” [4] Ujer
samubarang kang katulisan ing sadurunge,
iku katulisan minangka piwulang kanggo kita,
supaya kita ngandhemana ing pangarep-arep
kalawan sabar mantep sarta kalawan
gondhelan panglipur kang saka ing Kitab
Suci. [5] Muga-muga Gusti Allah kang dadi
etuking sabar mantep sarta panglipur, karsaa
maringi karukunan marang kowe, kaya kang
dikarsakake dening Sang Kristus Yesus,
[6] satemah kalawan saiyeg sarta tunggal swara,
kowe padha ngluhurake Gusti Allah, lan Kang
Ramane Gusti kita, Gusti Yesus Kristus.
[7] Mulane kowe padha tampan-tinampanana,
padha kaya Sang Kristus anggone uga wus
nampani kita, kagem kaluhurane Gusti Allah.

8 Kang dakkarepake yaiku, manawa awit saka
kabenerane Gusti Allah, Sang Kristus wus
dadi peladose para wong tetakan, kanggo
ngukuhake prasetyane kang wus kaparingake
marang para leluhur kita, 9 sarta supaya
para bangsa padha bisa ngluhurake Gusti
Allah, awit saka sih-palimirmane, kaya kang
katulisan, wiraose:

“Mila kawula badhe ngluhuraken Paduka,
wonten ing satengahing para bangsa,
saha memuji Asma Paduka kanthi pangidung
masmur.”

10 Lan sateruse mangkene:

“He para bangsa, padha bungah-bungaha
bareng karo umate.”

11 Lan maneh,

“He para bangsa, padha saosa puji marang
Pangeran,
sarta sakehe suku bangsa cikben memuji
marang Panjenengane.”

12 Sarta sabanjure pangandikane Nabi Yesaya,

“Bakal ana sogol thukul saka tunggake Isai,
kang bakal jumeneng ngereh para bangsa,
sarta iya Panjenengane iku kang bakal dadi
pangarep-arepe para bangsa.”

13 Muga-muga Gusti Allah, etuking pangarep-arep, maringana ganjaran marang kowe kabeh sagunging kabungahan sarta tentrem-rahayu ing sajroning pracayamu, supaya kowe padha sugiha pangarep-arep marga saka sawabe Sang Roh Suci.

Rasul Paulus nerangake dhasar-dhasaring layange

15:14-21

14 Para sadulur, aku dhewe pancen yakin
mungguhing kowe, yen kowe wus padha
sugih kabecikan, mumpuni ing kawruh, sarta
uga wis padha keconggah eling-ingelingake.
15 Ewadene marga saka sih-rahmat paparinge
Gusti Allah marang aku, ana ing layang iki
ing kana kene aku rada wani aweh pepeling
marang kowe kabeh, 16 yaiku manawa aku
kepareng dadi peladose Sang Kristus Yesus
kanggo bangsa-bangsa saliyane bangsa
Yahudi ing bab ngabarake Injile Gusti Allah,
supaya bangsa-bangsa mau bisaa katampi
ing Gusti Allah, minangka pisungsung kang
dadi keparenge, kang kasucekake dening Roh
Suci. 17 Dadi aku bisa nglairake panggunggung
ana ing patunggilane Sang Kristus tumrap
prajanjianku ana ing ngarsaning Allah.
18 Awit aku ora bakal kumawani nyritakake
bab liyane, kajaba samubarang kang wus
katindakake dening Sang Kristus lumantar
aku, yaiku nenuntun bangsa-bangsa liya
marang pambangun-turut, srana pitutur
sarta panggawe, 19 marga saka dayaning
tandha-tandha lan mukjijat-mukjijat sarta
marga dening panguwaosing Sang Roh Suci.
Iya mangkono iku, sajroning mider-mider
wiwit saka kutha Yerusalem nganti tumeka ing
tanah Ilirikum, aku wus ngabarake Injile Sang

Kristus sakatoge. [20] Lan sajrone ngabarake iku
mau kang dakanggep dadi utamaning lakuku
iku, yaiku manawa anggonku martakake ora
ana ing panggonan-panggonan kang Asmane
Sang Kristus wus disumurupi ing wong, supaya
anggonku mbangun iku aja nganti ana ing
tetales gaweaning wong liya, [21] nanging larasa
karo kang katulisan, wiraose:

"Wong kang padha durung kawartanan bab
Panjenengane,
bakal padha ndeleng Panjenengane,
sarta kang padha durung krungu wartane
bakal padha mangreti."

Pangarep-arepe Rasul Paulus bisaa tekan ing kutha Rum

15:22-33

[22] Yaiku kang njalari aku tansah kepalang
anggonku arep nemoni kowe kabeh.
[23] Nanging saiki, sarehne aku wus ora
duwe papan nyambut-gawe maneh ana
ing wilayah kene, sarta sarehne aku wus
sawatara taun kapengin nemoni kowe kabeh,
[24] mulane dakarah sajrone lakuku menyang
ing tanah Spanyol, bisaa mampir menyang
ing padunungan mu, lan ketemu karo kowe,
temah kowe banjur padha bisa ngeterake aku
mrana, sawise aku ing sawatara ngrasakake
seneng marga bisa ketemu karo kowe
kabeh. [25] Ananging wektu saiki, aku lagi
lelaku menyang ing Yerusalem, ngeterake
pasumbang kanggo para suci. [26] Sabab para

sadulur ing tanah Makedhonia lan ing Akhaya
wus padha mrayogakake kirim apa-apa
marang wong-wong kang padha miskin
panunggalane para suci ing Yerusalem. 27 Iku
mau pancen wis dadi golong-giliging rembuge,
nanging bab iku pancen wus dadi kuwajibane.
Sabab, manawa bangsa-bangsa liya wis padha
tampa panduman bandhane kasukman wong
Yahudi, bangsa-bangsa mau iya wajib leladi
uga marang wong Yahudi kalawan bandhane
kadonyan. 28 Manawa aku wus nindakake
ayahan iku sarta wus masrahake wohing
pambudidayane bangsa-bangsa liya mau, aku
tumuli mangkat menyang ing tanah Spanyol
liwat ing kuthamu. 29 Lan aku sumurup,
yen anggonku tilik kowe iku bakal nggawa
lelubering berkahe Sang Kristus.

30 Ananging marga saka Sang Kristus,
Gusti kita, lan marga saka sihe Sang Roh,
kowe padha dakpituturi, para sadulur, aku
padha rewangana ndedonga marang Gusti
Allah, 31 supaya aku kauwalna saka ing
wong-wong ing tanah Yudea kang padha ora
mbangun-miturut, lan supaya anggonku leladi
kanggo Yerusalem iku katanggapana kanthi
becik dening para suci ing kono, 32 supaya
aku bisa kanthi suka-pirena nemoni kowe awit
saka karsane Gusti Allah, bisa kadunungan
rasa seger bareng karo kowe kabeh. 33 Gusti
Allah, etuking tentrem-rahayu nunggila karo
kowe kabeh! Amin.

Salam

16:1-16

16 [1] Aku nglantarake marang kowe
sadulur kita Febe, sadulur wanita kang
leladi ana pasamuwan Kengkrea, [2] supaya
koktampani ana ing patunggilane Gusti,
kanthi patrap kang samesthine tumrap para
suci, sarta wenehana, pitulungan samangsa
dibutuhake. Sabab dheweke wus aweh
pitulungan marang wong akeh, klebu aku
dhewe.
[3] Salam marang Priska lan Akwila, para
kanca tunggal ayahan ana ing Sang Kristus
Yesus. [4] Iku wus padha ngetohake nyawane
kanggo mitulungi uripku. Ora ngamungake
aku bae kang aweh panarima, nanging iya
sakehing pasamuwan kang dudu Yahudi.
[5] Uga salam marang pasamuwan kang ana
ing omahe. Salam marang Epenetus, sadulur
kang daktresnani, kang dadi wiwitaning wong
kang manjing ing patunggilane Sang Kristus
ing tanah Asia. [6] Salam marang Maria, kang
wis akeh anggone nglakoni kangelan kanggo
kowe kabeh. [7] Salam marang Andronikus lan
Yunias, sadulurku tunggal bangsa, kang wis
tau kinunjara bareng lan aku, klebu wong
kang kajen ana ing antarane para rasul, sarta
kang anggone dadi Kristen sadurunge aku.
[8] Salam marang Ampliatus sing daktresnani
ana ing Gusti. [9] Salam marang Urbanus
kancaku tunggal ayahan ana ing Sang Kristus,

sarta salam marang Stakhis kang daktresnani.
10 Salam marang Apeles, kang wus katitik
tumemen ana ing Sang Kristus. Salam marang
wong kang padha klebu golongane Aristobulus.
11 Salam marang Herodhion, kancaku tunggal
bangsa. Salam marang wong kang padha
klebu golongane Narkisus, kang ana ing
patunggilane Gusti.
12 Salam marang Trifena lan Trifosa, kang
padha mempeng banget anggone leladi
kagem Gusti. Salam marang Persis, kang
daktresnani, kang wus akeh banget anggone
leladi kagem Gusti. 13 Salam marang Rufus,
wong kang pinilih ana ing Gusti, sarta salam
marang ibune kang tumraping aku uga dadi
ibuku. 14 Salam marang Asinkritus, Flegon,
Hermes, Patrobas, Hermas sarta para sadulur
kang padha tetunggalan ing kono. 15 Salam
marang Filologus lan Yulia, Nereus sarta
sadulure wadon, lan Olimpas, apadene sakehe
para suci kang padha tetunggalan ing kono.
16 Padha sesalamana kalawan pangaras suci.
Salam marang kowe kabeh saka sakehing
pasamuwane Sang Kristus.

Pepeling

16:17-24

17 Nanging padha dakpituturi, para sadulur,
padha diwaspada marang para wong kang
padha nyulayani ing piwulang kang wus
koktampani, kang nuwuhake cecongkrahan
lan panggodha. Singkirana wong-wong kaya

mangkono iku mau. 18 Sabab wong kang kaya
mangkono iku, padha ora leladi marang Sang
Kristus, Gusti kita, nanging padha ngawula
marang wetenge dhewe. Lan kanthi tembunge
kang muluk-muluk lan basane kang manis,
padha nindakake apus krama marang kang
padha tulus atine. 19 Pawarta bab kasetyanmu
wis keprungu ing wong akeh. Mulane aku
bungah banget ing ngatase kowe. Nanging
karepku, kowe padha pintera tumrap apa bae
kang becik sarta kalis ing sarupaning piala.
20 Muga-muga Gusti Allah kang dadi etuking
tentrem-rahayu, enggal nglebur Iblis ana ing
sangisoring tlapakanmu. Sih-rahmate Gusti
Yesus, Gusti kita, anunggila ing kowe.

21 Salam marang kowe kabeh saka Timoteus, kancaku tunggal ayahan, lan saka Lukius, Yason apadene Sosipater, para kancaku tunggal bangsa.

22 (Kula Tertius ingkang damel serat punika, inggih kintun salam dhateng panjenengan sadaya ing patunggilanipun Gusti.)

23 Salam marang kowe kabeh saka Gayus, kang aweh pamondhokan marang aku, lan marang pasamuwan kabeh. Salam marang kowe kabeh saka Erastus, hartakaning nagara, lan saka Kwartus sadulur kita.

24 (Sih-rahmate Gusti Yesus Kristus, Gusti kita, anunggila ing kowe kabeh! Amin.)

Kabeh kamulyan kagem Gusti Allah

16:25-27

25 Kagem Panjenengane, kang nyantosakake
kowe kabeh, -- manut Injil kang dakkabarake,
sarta pawarta bab Gusti Yesus Kristus,
laras karo kabare wewadi kang kasidhem
pirang-pirang abad lawase, 26 nanging kang
saiki wus kababar, sarta wus kawartakake
dening kitab-kitabe para nabi, manut
dhawuhe Gusti Allah kang langgeng marang
sakehing bangsa, kanggo nenuntun marang
ing pambangun-turuting pracaya -- 27 iya
kagem Panjenengane, Gusti Allah kang
wicaksana piyambak, awit saka Gusti Yesus
Kristus: sakehing kamulyan langgeng ing
salawas-lawase! Amin.

1 KORINTA

Salam

1:1-3

1 [1] Saka Paulus, kang katimbalan dadi rasule
Sang Kristus Yesus, awit saka karsane
Gusti Allah, lan saka Sostenes, sadulur kita,
[2] marang pasamuwane Gusti Allah kang ana
ing Korinta, yaiku para kang sinucekake ana
ing Sang Kristus Yesus, sarta kang padha
katimbalan dadi wong suci, dalah sakehe
wong ing ngendi-endi, kang padha nyebut
Asmane Gusti kita Yesus Kristus, yaiku
Gustine wong-wong mau lan iya Gusti kita.
[3] Sih-rahmat lan tentrem-rahayu saka Gusti
Allah, Rama kita, lan saka Gusti Yesus Kristus,
anaa ing kowe kabeh.

Saos sokur

1:4-9

[4] Aku tansah saos sokur marang Gusti Allahku
bab ing ngatase kowe kabeh, awit saka
sih-rahmate Gusti Allah kang kaparingake
marang kowe ana ing Sang Kristus Yesus.
[5] Awitdene ana ing Panjenengane, kowe wis
padha dadi sugih samubarang, iya sarupaning
pitembungan lan sawarnaning kawruh,
[6] laras karo paseksen bab Sang Kristus,

kang wus kayektekake ana ing antaramu.
7 Satemah kowe padha ora kekurangan ing
bab sadhengah ganjaran, sajrone kowe padha
nganti-anti kebabare Gusti kita Yesus Kristus.
8 Panjenengane iya bakal nyantosakake kowe
nganti tumeka ing wekasan, temah kowe
padha tanpa cacad besuk ing dinane Gusti kita
Yesus Kristus. 9 Gusti Allah, kang wus nimbali
kowe marang patunggilane Kang Putra Yesus
Kristus, Gusti kita, iku setya tuhu.

Pasulayan ing pasamuwan

1:10-17

10 Ewadene kowe padha dakpituturi, para
sadulur, marga saka Asmane Gusti kita Yesus
Kristus, kowe kabeh dipadha saiyeg sarta aja
nganti ana pasulayan ing antaramu; nanging
kowe padha raket-rukuna, tunggal budi sarta
tunggal pangrasa. 11 Sabab, para sadulurku,
aku wis diwartani dening wong-wong saka
brayate Khloe ing ngatase kowe kabeh, yen ing
antaramu ana padudon. 12 Kang dakkarepake
iku yaiku siji-sijine panunggalanmu calathu:
Aku iki golongane Paulus! Aku golongane
Apolos! Aku saka golongane Kefas! Utawa aku
golongane Sang Kristus. 13 Apa Sang Kristus
iku kaperang-perang? Apa Paulus iku kasalib
marga saka kowe? Utawa apa kowe padha
kabaptis ing jenenge Paulus? 14 Aku saos
sokur dene sijia bae saka ing antaramu ora
ana kang dakbaptis kajaba Krispus lan Gayus,
15 satemah ora ana wong kang bisa kandha

yen kowe padha kabaptis ing jenengku. 16 Aku
iya mbaptis brayate Stefanus. Aliya saka
iku aku ora kelingan, yen ana wong liyane
maneh kang dakbaptis. 17 Sabab Sang Kristus
anggone ngutus aku iku ora supaya mbaptis,
nanging supaya ngabarake Injil, lan bab iku
ora nganggo kawasisaning tembung, supaya
salibe Sang Kristus aja nganti dadi nglaha.

Kawicaksanane Gusti Allah lan kawasisane manungsa

1:18--2:5

18 Awit pawarta bab salib iku pancen dadi
kabodhoan tumrape wong kang bakal padha
tiwas, nanging kanggo kita kang padha
kapitulungan rahayu, dadi sawab kang saka
Gusti Allah.
19 Sabab ana tulisan mangkene:
"Ingsun bakal nglebur kawasisane para wong wasis,
lan kapinterane para wong pinter bakal Sunsirnakake."
20 Ana ing ngendi wong kang wasis? Ana
ing ngendi ahli Toret? Ana ing ngendi
juru bantah ing jaman iki? Gusti Allah rak
wis ndadekake kawasisane jagad iki dadi
kabodhoan? 21 Awit sarehne jagad sajroning
kawicaksanane Gusti Allah ora wanuh marang
Panjenengane kalawan kawasisane, mulane
wus dadi keparenge Gusti Allah mitulungi
rahayu marang para wong kang padha pracaya
marga saka kabodhoaning pakabaran Injil.

22 Wong Yahudi padha njaluk pratandha, lan
wong Yunani padha ngupaya kawasisan,
23 balik aku padha martakake Sang Kristus
kang sinalib: mungguhing wong Yahudi dadi
sandhungan lan tumrap kang dudu wong
Yahudi dadi kabodhoan, 24 nanging tumrap
para kang katimbalan, wonga Yahudi, wonga
kang dudu wong Yahudi, Sang Kristus iku dadi
kakiyataning Allah lan kawicaksananing Allah.
25 Awit kabodhoan kang saka Gusti Allah iku
luwih wicaksana katimbang karo manungsa,
lan karingkihan kang saka Gusti Allah iku
luwih rosa katimbang karo manungsa.
26 Padha ngelingana bae para sadulur, kapriye
kaananmu nalikane kowe padha katimbalan,
miturut ukuraning manungsa ora akeh kang
kalebu wong wasis, ora akeh wong kang
kalebu gedhe wibawane, ora akeh wong
kang kalebu bangsa luhur. 27 Nanging kang
kaanggep bodho mungguhing jagad, kapilih
dening Gusti Allah kanggo mirangake para
wong wicaksana, apadene kang kaanggep
ringkih mungguhing jagad, kapilih dening
Gusti Allah kanggo mirangake kang rosa,
28 lan kang asor sarta nistha mungguhing
jagad, iku kapilih dening Gusti Allah, malah
kang ora ana ajine kapilih dening Gusti Allah
kanggo ngorakake kang aji, 29 supaya aja
ana manungsa sijia bae kang gumunggung
ana ing ngarsane Gusti Allah. 30 Nanging awit
saka Panjenengane kowe wus padha ana ing
Sang Kristus kang marga saka Gusti Allah wus
dadi kawasisan tumrap kita. Panjenengane

wus ngleresake, nucekake sarta nebus kita,
31 supaya cundhuka karo kang katulisan,
wiraose: “Sing sapa ngegung-egungake, iku
ngegungna mungguh ing Pangeran.”

2 1 Mangkono uga nalikane aku nemoni
kowe, para sadulur, tekaku ora kanthi
pitembungan kang dakik-dakik utawa kanthi
kawasisan anggonku nglantarake paseksen
kang saka Gusti Allah marang kowe. 2 Sabab
aku ora duwe sedya nyumurupi apa-apa ana
ing antaramu kajaba Gusti Yesus Kristus,
yaiku Panjenengane kang sinalib. 3 Lan maneh
tekaku nemoni kowe iku kalawan apes lan
wedi banget sarta gumeter. 4 Anggonku
caturan utawa anggonku martakake ora
nganggo tembung-tembung kang wasis kang
ngyakinake, nanging kalawan yakin ing bab
kakiyatane Sang Roh, 5 supaya pracayamu aja
nganggo landhesan kawasisaning manungsa,
nanging kakiyataning Allah.

Bab kawasisan kang sajati

2:6-16

6 Sanadyan mangkono aku padha nglairake
kawasisan ana ing kalangane wong kang wus
padha cakep, nanging dudu kawasisane jagad
iki, lan dudu kawasisane para panguwasa ing
jagad iki, yaiku panguwasa kang bakal sirna.
7 Nanging kang daklairake iku kawicaksanane
Gusti Allah kang kineker sarta winadi, kang
wus kacawisake dening Gusti Allah ing
sadurunge jagad dumadi, kanggo kamulyan

kita. 8 Lan panguwasaning jagad iki ora ana
kang nyumurupi bab iki, awit manawa padha
nyumurupi mesthi ora nganti padha nyalib
Gustining kamulyan. 9 Nanging kaya kang
katulisan, wiraose:

> “Kang ora tau kadeleng ing mripat, lan
> ora tau rinungu ing kuping, sarta kang
> ora tau tuwuh ing atining manungsa:
> kabeh kang wus kacawisake dening
> Gusti Allah marang kang padha nresnani
> Panjenengane iku.”

10 Awit Gusti Allah wus nglairake bab iku
marang kita sarana Sang Roh, sabab Sang
Roh itu nitipriksa samubarang kabeh, dalah
bab wewadine Gusti Allah. 11 Awit sapa ta
ing antarane manungsa kang bisa nyumurupi
apa kang tinemu ana ing atine, kajaba mung
rohe manungsa iku dhewe kang ana ing
batine? Mangkono uga ora ana wong kang
sumurup apa kang tinemu ana ing Gusti Allah
kajaba Rohe Gusti Allah. 12 Kita ora nampani
rohe jagad, nanging Sang Roh kang asale
saka Gusti Allah, supaya kita padha bisa
nyumurupi apa kang dadi sih-peparinge Gusti
Allah marang kita. 13 Lan sarehne aku padha
aweh katrangan bab-bab karohanen marang
wong-wong kang padha kadunungan Sang
Roh, anggonku ngrembug bab sih-kamirahane
Gusti Allah iku nganggo tetembungan kang
ora diwulangake marang aku kabeh dening
kawicaksananing manungsa, nanging dening
Sang Roh. 14 Nanging manungsa kadagingan
ora nampani apa kang asale saka Rohe Gusti

Allah, awit bab iku tumraping wong mau
sawijining kabodhoan; sarta wong iku ora bisa
mangreti, awit bab mau mung bisa kawawas
cara kasukman. 15 Balik wong kasukman iku
nitipriksa samubarang kabeh, nanging awake
dhewe ora katiti dening liyan. 16 Sabab: "Sapa
ta kang nyumurupi panggalihe Pangeran,
nganti bisa mulang Panjenengane?" Nanging
aku padha kadunungan panggalihe Sang
Kristus.

Pasulayan

3:1-9

3 1 Anadene aku, para sadulur, nalika iku
ora bisa guneman karo kowe kaya marang
wong kasukman, nanging mung kaya marang
wong kadagingan kang durung diwasa ana ing
Sang Kristus. 2 Kang dakwenehake marang
kowe iku banyu susu, dudu pangan kang akas,
sabab kowe durung kelar. Malah ing wektu
saiki uga, kowe iya durung kelar. 3 Marga kowe
isih wujud manungsa kadagingan. Sabab,
manawa ing antaramu tinemu rasa kemeren
sarta pasulayan, apa iku ora dadi tandha-yekti,
yen kowe kabeh iku manungsa kadagingan
tuwin lakumu apa ora cara manungsa? 4 Awit
yen kang siji calathu: "Aku golongane Paulus,"
lan liyane kandha: "Aku golongane Apolos,"
apa iku ora nelakake yen kowe iku manungsa
kadagingan kang dudu kasukman? 5 Dadi
Apolos iku apa? Paulus iku apa? Iku para
abdine Gusti kang dadi lantarane anggonmu

padha manjing pracaya, miturut ayahane
dhewe-dhewe kang kaparingake dening Gusti
Allah. 6 Aku kang nenandur, Apolos kang
nyirami nanging Gusti Allah kang nuwuhake.
7 Mulane kang wigati iku dudu kang nandur
utawa kang nyirami, nanging Gusti Allah kang
nuwuhake. 8 Anadene kang nandur, lan kang
nyirami iku padha; siji-sijine bakal padha
nampani pituwase dhewe-dhewe, laras karo
ayahane. 9 Awit aku kabeh iki padha ndherek
ing pakaryane Gusti Allah, dene kowe iku
padha dadi palemahan olah-olahane Gusti
Allah, iya dalem yasane Gusti Allah.

Bab dalem yasane Gusti Allah lan tetalese

3:10-23

10 Laras karo sih-rahmate Gusti Allah kang
kaparingake marang aku, aku kang dadi
ahli yasa omah kang cakep wus masang
tetalese, lan wong liya iya padha nerusake
mbangun ing sadhuwure. Nanging saben
wong kudu nggatekake, kapriye anggone
padha mbangun ing sadhuwure. 11 Sabab ora
ana wong kang bisa masang tetales liyane
kajaba kang wus dipasang, yaiku Gusti Yesus
Kristus. 12 Embuh anggone mbangun ing
sadhuwure iku mau migunakake emas, salaka,
watu adi, kayu, suket garing utawa damen,
13 besuk garapane sawiji-wijining wong mau
bakal kawiyak. Awit dinane Gusti kang bakal
nelakakake, marga tekane bakal kairing ing
geni, lan garapane sawiji-wijining wong bakal

dinadar ing geni mau. [14] Manawa garapan
kang diedegake bisa lestari, wong iku bakal
tampa pituwas. [15] Manawa garapane kobong,
wong iku bakal kapitunan, nanging awake
dhewe bakal kapitulungan rahayu, mung bae
patrape kaya mentas saka geni. [16] Apa kowe
padha ora sumurup, yen kowe iku padha dadi
padalemaning Allah, kang sarta Rohe Gusti
Allah iya dedalem ana ing kowe? [17] Manawa
ana wong kang ngrusak padalemaning Gusti
Allah, Panjenengane bakal ngrusak wong mau.
Sabab padalemaning Allah iku suci, yaiku
kowe.

[18] Aja nganti ana wong kang ngapusi awake
dhewe. Yen ing antaramu ana kang rumangsa
wicaksana ana ing jagad iki, kareben wong
iku dadi bodho, supaya dheweke dadia
wicaksana. [19] Awit kawicaksanane jagad iki
kabodhoan tumrap Gusti Allah. Sabab ana
tulisan wiraose: “Panjenengane nangkep para
wicaksana sajroning culikane.” [20] Lan ing
panggonan liya, mangkene: “Pangeran mirsa,
yen ciptane wong wicaksana iku kabeh tanpa
guna.” [21] Mulane aja nganti ana wong kang
ngegungake manungsa, amarga samubarang
kabeh iku dadi darbekmu; [22] dadia Paulus,
dadia Kefas, dadia jagad, dadia urip utawa
pati, dadia wektu saiki utawa wektu kang bakal
kalakon, iku kabeh darbekmu. [23] Nanging
kowe padha dadi kagungane Sang Kristus,
sarta Sang Kristus iku kagungane Gusti Allah.

Kang wenang ngadili iku mung Pangeran

4:1-5

4 1 Kang iku, aku padha dianggepa kaya
mangkono iku: dadi abdine Sang Kristus,
kang pinracaya rumeksa ing kekerane
Gusti Allah. 2 Tumrap para abdi kang kaya
mangkono iku, mung siji sarate: yaiku
temen. 3 Tumraping aku dakanggep sepele,
apa kowe utawa sadhengah pangadilaning
manungsa kang ngadili marang aku. Malah
awakku dhewe iya ora dakadili. 4 Sabab aku
pancen ora rumangsa apa-apa, ananging ora
awit saka iku anggonku kabenerake. Kang
ngadili aku iku Gusti. 5 Mulane kowe aja
ngadili sadurunge tekan ing wektune, yaiku
sadurunge Gusti rawuh. Panjenengane kang
bakal medharake samubarang kang sumimpen
ana ing pepeteng, lan kang bakal nglairake
ciptaning ati. Ing kono saben wong bakal oleh
pangalem saka Gusti Allah.

Padha diandhap asor

4:6-21

6 Para sadulur, gunemku iki mau daketrapake
marang awakku dhewe lan marang Apolos,
marga saka kowe, supaya marga saka
tetuladhanku iku, kowe padha sinau
mangreteni apa ta tegese unen-unen: “Aja
ngungkuli apa kang tinulis,” supaya ing
antaramu aja nganti ana kang kumlungkung

kanthi ngegungake kang siji ngremehake
sijine. 7 Awit sapa ta kang nganggep kowe
iku kinacek? Lan apa ta kang kokdarbeni
kang ora saka anggonmu tampa? Dene
yen marga saka anggonmu tampa, yagene
kowe kok kumlungkung, kaya-kaya ora saka
anggonmu tampa? 8 Kowe iku wus padha
wareg, kowe wus padha dadi sugih, tanpa aku
kowe wus padha dadi ratu. Wah saiba becike
yen ta pancen nyata mangkono, manawa
kowe wus padha dadi ratu, satemah aku iya
padha melu dadi ratu karo kowe! 9 Sabab
mungguhing panemuku Gusti Allah maringi
papan kang asor dhewe marang aku, para
rasul, padha karo wong kang wus kapatrapan
ing paukuman pati, ujer aku wus padha
dadi tontonaning jagad, para malaekat sarta
manungsa. 10 Aku iki padha bodho awit saka
Sang Kristus, nanging kowe padha wasis ana
ing Sang Kristus. Aku padha apes, nanging
kowe padha rosa. Kowe padha mulya, nanging
aku padha ora kajen.

11 Nganti tumeka ing wektu iki aku padha
nandhang luwe, ngelak, kawudan, digebugi
sarta padha urip nglembara, 12 aku nglakoni
pagawean kasar kang abot. Yen aku dipoyoki,
aku padha mujekake becik; yen aku dikuya-
kuya, aku padha sabar; 13 yen aku dipitenah,
aku padha males sumeh; aku wis padha dadi
leletheking jagad, padha karo kesede wong
kabeh nganti tumeka saiki.

14 Bab iki daktulis ora nedya gawe isinmu,
nanging kanggo ngelingake kowe kabeh kang

dadi anak-anakku kang daktresnani. [15] Marga
sanadyan kowe padha duwea pamomong
maewu-ewu ana ing Sang Kristus, nanging
ora duwe bapa akeh. Marga iya aku kang
dadi bapakmu ana ing Sang Kristus Yesus
sarana Injil kang dakwartakake marang kowe.
[16] Mulane kowe padha dakpituturi: Padha
nuladaa marang aku! [17] Iya iku mulane aku
banjur kongkonan Timoteus anakku kang
kinasih lan kang setya ana ing Gusti, dakkon
nemoni kowe. Iku kang bakal ngelingake
kowe bab lakuku ana ing Sang Kristus Yesus,
kaya kang dakwulangake ana ing ngendi-endi
ing saben pasamuwan. [18] Nanging ana wong
sawatara kang banjur padha kumenthus,
marga wong mau padha duwe pangira, yen
aku ora bakal nekani kowe maneh. [19] Nanging
manawa Gusti marengake, aku bakal enggal
nekani kowe. Ing kono aku bakal nyumurupi,
dudu tembunge wong kang kumenthus mau,
nanging daya-kakuwatane. [20] Sabab kratone
Gusti Allah iku ora awujud tembung, nanging
wujud daya-kakuwatan. [21] Apa ta kang padha
kokkarepake? Apa tekaku marang kowe kudu
nggawa gitik apa kalawan katresnan lan budi
sareh?

Dosa ing sajroning pasamuwan

5:1-13

5 [1] Pancen wong-wong padha krungu, yen
ing antaramu ana kang laku jina, malah
patrape laku jina mau, ora tau kalakon ana

ing antarane para bangsa kang ora wanuh
marang Gusti Allah, yaiku ana wong kang
ngalap somahe bapakne. 2 Ewadene kowe
kok padha kumlungkung. Apa ora luwih
becik kowe padha prihatin, sarta nyingkirake
wong kang duwe pratingkah mangkono mau
saka ing tengahmu. 3 Sabab aku, sanadyan
ing tata lair adoh, nanging sacara rohani
adu arep, aku kaya wis matrapi paukuman
marang wong kang nglakoni mangkono iku.
4 Yen kita padha kumpul sajroning roh, kowe
padha tetunggalan karo aku, kanthi daya
kakwuatane Gusti Yesus, Gusti kita, 5 wong
iku kudu kita pasrahake marang Iblis atas
Asmane Gusti Yesus, satemah daginge rusak,
supaya sukmane kapitulungana rahayu besuk
ing dinane Gusti. 6 Ora becik gumunggungmu
iku. Apa kowe padha ora sumurup, yen ragi
sathithik iku rumasuk ing jladren kabeh?
7 Buwangen ragi kang lawas iku, supaya kowe
padha dadi jladren kang anyar, sabab kowe
rak pancen tanpa ragi. Awit Cempe-Paskah
kita uga wis disembeleh, yaiku Sang Kristus.
8 Mulane payo kita padha pista, ora nganggo
ragi kang lawas, ragi piala utawa duraka,
nanging nganggo roti kang tanpa ragi, yaiku
kaburusan lan kayekten.

9 Aku wis nulis ana ing layangku marang
kowe, supaya kowe aja sesrawungan
karo wong kang padha laku jina. 10 Kang
dakkarepake iku ora karo kabeh wong kang
laku jina ing jagad iki, utawa karo kabeh wong
kang cethil sarta tukang ngapusi, utawa kabeh

wong kang padha nyembah brahala, amarga
yen ta mangkonoa kowe mesthi kudu padha
metu saka jagad iki. 11 Nanging, anggonku
nulis marang kowe iku mau mangkene: kowe
aja nganti srawung karo wong, kang sanadyan
wong mau ngaku sadulur, nyatane laku jina,
cethil, nyembah brahala, gawene mitenah,
seneng mendem utawa tukang ngapusi; kowe
aja pisan-pisan mangan bebarengan karo
wong kang kaya mangkono iku. 12 Sabab
yen aku padha ngadili wong-wong kang ana
sajabaning pasamuwan, iku aku migunakake
wewenang apa? Kowe rak mung padha
ngadili wong-wong kang ana ing sajroning
pasamuwan ta? 13 Para wong kang padha
ana ing sajabaning pasamuwan, iku bakal
diadili dening Gusti Allah. Wong kang padha
nandukake piala iku tundhungen saka ing
tengah-tengahmu.

Golek pangadilan marang wong kang ora pracaya

6:1-11

6 1 Apa ana wong ing antaramu kang
manawa prakaran karo padha sadulur,
kok wani golek pangadilan marang wong
kang padha ora pracaya, ora marang para
suci? 2 Utawa apa kowe padha ora sumurup,
yen ta para suci bakal ngadili jagad? Lan
manawa pangadilane jagad iku ana ing
tanganmu, apa kowe ora saguh ngrampungi
prakara-prakara sing remeh? 3 Apa kowe

padha ora smurup, yen kita bakal ngadili
para malaekat? Apamaneh prakara-prakara
kang lumrah-lumrah. 4 Sanadyan mangkono
manawa kowe arep ngurus prakara-prakara
kang lumrah, apa banjur kokpasrahake
marang wong kang ora kepetung ana ing
pasamuwan? 5 Bab iki dakkandhakake, supaya
kowe padha rumangsa isin. Apa siji bae ora
ana ta ing antaramu kang wicaksana, kang
bisa ngrampungi prakarane para sadulure?
6 Apa ya lenggah ta yen anggone padha golek
adil ing antarane sadulur, malah marang
wong kang ora pracaya? 7 Bab anane prakara
kang tuwuh ana ing antaramu iku bae,
wus nelakake anggonmu padha kuciwa.
Yagene kowe ora milaur nrima digawe
sawenang-wenang? Yagene kowe ora nrima
ketunan? 8 Ananging kowe dhewe malah padha
tumindak sawenang-wenang lan padha gawe
pituna, tur bab ku tumanduk marang para
sadulurmu dhewe. 9 Utawa kowe padha ora
sumurup, yen wong kang padha ora adil iku
bakal ora tampa panduman warisan Kratoning
Allah?

Aja padha kesasar. Wong kang laku jina,
nyembah brahala, laku bedhang, dadi
gemblak, laku jindik, 10 kang nyenyolong,
cethil, seneng mendem, tukang mitenah
lan tukang ngapusi, iku ora bakal tampa
panduman warisan Kratoning Allah. 11 Lan
sawenehing panunggalanmu biyen iya kaya
mangkono iku, nanging kowe wus padha
masrahake awakmu supaya diresiki, kowe wus

padha kasucekake, wus padha kabenerake
marga saka Asmane Gusti Yesus Kristus lan
marga dening Rohe Allah kita.

Pepeling bab laku jina

6:12-20

12 Aku wenang samubarang, nanging
ora samubarang maedahi. Tumraping aku
samubarang kabeh iku kalal, nanging
awakku dakjaga aja nganti kawasesa dening
sadhengaha apa bae. 13 Pangan iku kanggo
ing weteng, lan weteng kanggo ing pangan:
nanging sakarone bakal dilebur dening Gusti
Allah. Badanmu iku ora kanggo laku jina,
nanging kagem ing Gusti, lan Gusti kanggo
ing badan. 14 Gusti Allah kang wus mungokake
Gusti, iya bakal nangekake kita marga saka
panguwaose. 15 Apa kowe padha ora sumurup,
yen badanmu iku dadi gegelitaning Sang
Kristus? Kang iku gegelitaning Sang Kristus
apa bakal dakjupuk, tuwin dakpasrahake
marang laku jina? Babar pisan ora! 16 Utawa,
apa kowe ora sumurup, yen sing sapa rumaket
marang wanita tunasusila, iku dadi nunggal
sabadan? Rak ana pangandika mangkene:
“Loro-lorone bakal dadi daging siji.” 17 Balik
sing sapa rumaket ing Gusti, iku dadi nunggal
saroh kalawan Panjenengane. 18 Padha
ngedohana laku jina! Sarupaning dosa
liyane kang dilakoni ing wong iku tumindake
sajabaning badane. Nanging wong kang laku
jina iku ateges dosa marang badane dhewe.

19 Apa kowe padha ora sumurup, yen badanmu
iku dadi padalemane Sang Roh Suci kang ana
ing kowe, Sang Roh Suci kang kaparingake
marang kowe dening Gusti Allah, sarta yen
awakmu iku dudu awakmu dhewe? 20 Sabab
kowe wus padha tinuku lan wus kabayar
lunas: Mulane padha ngluhurna Gusti Allah
srana badanmu!

Bab sesomahan

7:1-16

7 1 Mungguh prakara-prakara kang kamot
ing layangmu marang aku iku, becik
tumrape wong lanang, yen ora sesomahan,
2 nanging ngelingi anane bebaya laku jina,
becike saben wong lanang duwea somah
dhewe lan wong wadon duwea bojo dhewe.
3 Kang lanang netepana kawajibane marang
somahe, mangkono uga kang wadon marang
bojone. 4 Kang wadon ora nguwasani badane
dhewe, nanging kang lanang. Mangkono
uga kang lanang iya ora nguwasani badane
dhewe, nanging kang wadon. 5 Kowe aja
padha cegah-cinegah, kajaba kalawan padha
sarujuke kanggo ing sawatara mangsa, supaya
kowe bisa mligekake wektu kanggo ndedonga.
Nanging sawise iku padha kumpula maneh,
supaya Iblis aja nganti nggodha kowe, awit
saka anggonmu ora kuwat nyegah. 6 Bab iki
daktuturake marang kowe minangka palilah,
ora minangka prentah. 7 Sanadyan mangkono
saiba becike manawa wong kabeh padha

nglakoni kaya aku; nanging saben wong
kaparingan ganjaran dhewe-dhewe dening
Gusti Allah, kang siji ganjaran mangkene,
sijine ganjarane mangkono. 8 Dene wong
kang ora sesomahan lan para randha,
dakprayogakake, supaya padha tetepa kaya
aku iki. 9 Nanging manawa ora kuwat nyegah,
kareben padha omah-omah. Awit luwih becik
bebojoan tinimbang ngangah-angah marga
dening hawa-nepsu.

10 Mungguh para wong kang padha
sesomahan -- dudu aku, nanging Gusti kang
ndhawuhi, -- supaya wong wadon aja nganti
megat bojone. 11 Lan yen pegatan, tetepa
anggone ora jejodhoan utawa rukuna maneh
karo kang lanang. Lan wong lanang ora kena
megat somahe.

12 Nanging marang wong liyan aku, dudu
Gusti, mituturi mangkene: Yen ana sadulur
duwe somah kang ora pracaya, mangka wong
wadon iku gelem manggon tetunggalan,
sadulur mau aja nganti megat kang wadon iku.
13 Lan wong wadon manawa duwe bojo kang
ora pracaya, mangka wong lanang iku gelem
manggon tetunggalan, wong wadon mau aja
nganti megat kang lanang iku. 14 Amarga
wong lanang kang ora pracaya iku, wus
kasucekake marga saka kang wadon, lan wong
wadon kang ora pracaya mau wus kasucekake
marga saka kang lanang. Saupama ora
mangkono, anak-anakmu iku rak banjur dadi
anak-anak kang najis, mangka saiki padha
suci. 15 Nanging manawa kang ora pracaya

iku kepengin pegatan, iya kareben megat;
manawa mangkono iku sadulur lanang utawa
wadon mau padha ora kacencang ing wajib.
Nanging anggone Gusti Allah nimbali kowe
iku, supaya kowe padha olaha atut-rukun.
16 Sabab kapriye anggonmu bisa sumurup, heh
wong wadon, manawa kowe bakal nylametake
bojomu? Utawa kapriye anggonmu sumurup,
heh wong lanang, manawa kowe bakal
nylametake somahmu?

Bab tumindak kaya ing nalikane katimbalan dening Gusti Allah

7:17-40

17 Sateruse, saben wong iku lestari tumindaka
kaya kang wus katetepake dening Gusti,
lan ing sajroning kaanan kaya ing nalikane
katimbalan dening Gusti Allah. Iya iki
pranatan kang dakwenehake marang sakehe
pasamuwan. 18 Manawa ana wong kang
katimbalan wus tetakan, aja mbudidaya
ngilangi labeting tetak iku. Lan manawa
ana wong kang katimbalan ora tetakan,
aja banjur nglakoni tetak. 19 Sabab tetak
utawa ora tetak iku dudu apa-apa. Kang
prelu netepi angger-anggere Gusti Allah.
20 Saben wong iku tetepa kaya ing nalikane
katimbalan dening Gusti Allah. 21 Manawa
nalikane kowe katimbalan dadi batur tukon,
iku aja kokgrantesake! Nanging manawa kowe
bisa dimerdikakake iya gelema. 22 Sabab batur
tukon kang katimbalan ing Gusti iku dadi wong

merdika, kagungane Gusti. Mangkono uga
wong merdika, kang katimbalan dening Sang
Kristus, iku dadi abdine Sang Kristus. [23] Kowe
wus padha tinuku lan wus kabayar lunas.
Mulane kowe aja padha dadi batur-tukoning
manungsa. [24] Para sadulur, saben wong iku
ana ing ngarsane Gusti Allah, lestaria kaya ing
nalikane katimbalan.
[25] Saiki bab para prawan. Aku ora oleh
dhawuh saka Gusti tumrap iki. Nanging aku
nglairake panemuku kayadene wong kang kena
dipracaya, awit saka palimirmane Gusti Allah
kang daktampa. [26] Kang iku panimbangku,
ngelingi kaanan ing wektu saiki, becik manawa
wong iku kaanane ora owah. [27] Manawa kowe
wus katalenan ing wong wadon, aja ngarah
pegate! Manawa kowe ora katalenan ing
wong wadon, aja rabi! [28] Ewadene manawa
kowe oma-omah, iku kowe ora dosa. Lan
yen ana prawan omah-omah, iku iya ora
dosa. Nanging wong kang mangkono iku
bakal nandhang kasusahan mungguh ing
daging, mangka karepku kowe aja nganti
ketaman ing kasusahan iku. [29] Para sadulur,
kang dakkarepake mangkene: Wektune
wus kari sathithik! Mulane ing wektu kang
mung kari sathithik iki, wong lanang kang
padha sesomahan tumindaka kaya-kaya ora
sesomahan; [30] lan wong kang padha nangis,
dikaya ora nangis; lan kang bungah dikaya
ora bungah; sarta para wong kang tetuku,
dikaya ora nduweni kang dituku; [31] ringkese,
wong kang padha nganggo barang-barang

kadonyan iki, dikaya ora nganggo. Sabab
donya kang kita sumurupi saiki iki, bakal sirna.
32 Kang dakkarepake, supaya kowe padha
urip tanpa was-sumelang. Wong lanang kang
ora sesomahan, ngelengake kang mungguh
ing Gusti, kapriye murih dadi keparenge
Gusti. 33 Dene wong lanang kang sesomahan,
ngelengake kang mungguh ing kadonyan,
kapriye bisane gawe senenge kang wadon,
34 lan marga saka mangkono pikirane banjur
kabage-bage. Wong wadon kang ora bebojoan,
sarta para prawan, padha ngelengake kang
mungguh ing Gusti, supaya jiwa-ragane dadi
suci. Nanging wong wadon kang bebojoan
ngelengake prakara kadonyan, kapriye bisane
gawe senenge kang lanang.

35 Kabeh iki mau daktuturake kanggo
kabutuhanmu dhewe, ora nedya ngalang-
alangi kekarepanmu, nanging malah supaya
kowe padha nglakonana samubarang kang
bener lan becik sarta supaya anggonmu
leladi marang Gusti tanpa alangan. 36 Dene
manawa ana wong duwe pangira, yen
anggone ngrengkuh marang prawane
kurang samesthine, manawa prawan mau
sangsaya tuwa, mangka duwe rasa adreng
kudu neningkahan, manawa pancen karepe
mangkono, kareben neningkahan. Iku ora
dosa. 37 Dene manawa ana wong kang
atine yakin, ora kapeksa lan bisa ngereh
kekarepane, sarta wus kenceng sedyane ora
arep omah-omah karo prawane, iku tumindak
becik. 38 Dadi wong kang omah-omah karo

prawane, iku tumindak becik, dene kang ora
omah-omah karo prawane, iku tumindak
luwih becik. 39 Wong wadon somahan iku
kecencang salawase bojone isih urip. Nanging
yen bojone wus tinggal-donya, wong wadon
mau wenang neningkahan maneh karo sapa
bae kang dikarepake, anggere wong kang
pracaya. 40 Nanging mungguhing panemuku,
luwih begja, manawa wong mau tetap
kaya mangkono. Lan pangrasaku, aku iya
kadunungan Rohe Gusti Allah.

Bab sesajening brahala

8:1-13

8 1 Tumrap daging sesajening brahala iku,
kita padha sumurup: “kita kabeh padha
duwe kawruh.” Kawruh kang mangkono iku
marakake kumenthus, nanging katresnan iku
mbangun. 2 Manawa ana wong duwe pangira,
yen duwe “Kawruh” iku ateges durung bisa
ngranggeh kawruh kang kudune digayuh.
3 Nanging wong kang tresna marang Gusti
Allah, iku diudaneni dening Gusti Allah.
4 Mungguh bab mangan daging sesajening
brahala, kita padha sumurup: “yen brahala
iku ora ana ing jagad, lan ora ana Allah liyane
kajaba Gusti Allah kang asipat tunggal.”
5 Sabab, sanadyan ta ana kang sinebut “allah”,
dadia ing swarga, utawa ing bumi -- sarta
pancen bener ana “allah” akeh, lan akeh
“gusti” -- 6 nanging mungguh ing kita mung
ana Gusti Allah siji, yaiku Sang Rama, kang

dadi etuking samubarang kabeh, lan kita
padha urip lumados marang Panjenengane,
sarta Gusti iya mung siji, yaitu Gusti Yesus
Kristus, kang njalari anane samubarang lan
kang njalari kita padha urip. 7 Dene kang
duwe kawruh mangkono iku ora kabeh wong.
Ana wong, kang awit saka anggone isih
kacencang ing brahala-brahala, pamangane
daging iku kaya pancen sesajening brahala.
Lan pangrasaning atine kang ringkih banjur
dadi jember. 8 "Pangan iku ora njalari kita
saya cedhak karo Gusti Allah. Kita padha ora
kapitunan apa-apa manawa ora mangan,
lan ora bathi apa-apa manawa kita padha
mangan." 9 Nanging poma kowe padha
diawas, aja nganti wewenangmu iku dadi
sandhungan tumrap wong kang padha
ringkih. 10 Awit manawa nganti ana wong
kang weruh kowe kang duwe kawruh, lagi
mangan ana ing omah brahala, apa wong
kang pangrasaning atine ringkih ora bakal
kawanekake mangan daging sesajening
brahala? 11 Kalawan patrap mangkono wong
kang ringkih, yaiku sadulurmu, dadi nemu
tiwas marga saka "kawruhmu", mangka Sang
Kristus wus nglampahi seda kanggo wong iku.
12 Manawa kanthi patrap mangkono, kowe
gawe dosa marang para sadulurmu sarta
natoni pangrasaning atine kang ringkih, iku
sajatine kowe gawe dosa marang Sang Kristus.
13 Mulane manawa pangan dadi sesandhungan
tumrap sadulurku, ing salawase aku ora arep

mangan daging maneh, supaya aja nganti dadi
sesandhungan tumrap sadulurku.

Wewenang lan kawajibane rasul

9:1-27

9 [1] Apa aku iki dudu rasul? Aku rak wong
merdika, ta? Apa aku ora wus ndeleng
Gusti Yesus, Gusti kita? Kowe iku apa ora
dadi garapanku ana ing Gusti? [2] Sanadyan
kanggone wong liya aku iki dudu rasul,
nanging tumraping kowe aku iki rasul. Amarga
uripmu ana ing Gusti iku minangka tandha
cap tumraping karasulanku. [3] Iki panjawabku
marang wong kang padha ngritik aku.
[4] Apa aku ora duwe wewenang mangan
lan ngombe? [5] Apa aku ora duwe wewenang
ngajak wong wadon Kristen minangka somah
ing sajroning lakuku, padha kaya para rasul
liyane lan para sadhereke Gusti apadene
Kefas? [6] Utawa apa mung aku lan Barnabas
bae kang ora duwe wewenang kabebasake
saka ing pagawean kasar? [7] Sapa ta kang wus
tau melu maju perang kanthi wragad dhewe?
Sapa ta kang nanduri kebon anggur lan ora
mangan wohe? Utawa sapa ta kang angon
pepanthan wedhus lan ora ngombe puhane?
[8] Tuturku kang mangkono iku apa mung
gagasaning manungsa bae? Angger-anggering
Toret rak iya mratelakake mangkono ta?
[9] Sabab ing angger-anggere Nabi Musa ana
tulisan mangkene: “Sira aja mbrongsong
cangkeming sapi kang lagi kanggo nggiling.”

Apa Gusti Allah iku nggumatosi sapi? 10 Apa
kita kang kinarsakake? Iya, bab iki katulis
kanggo kita, yaiku: kang mluku iya kudu
mluku kanthi pangarep-arep, lan kang nggiling
iya kudu nggiling kanthi pangarep-arep olehe
pandumane.
11 Kang iku manawa aku kang wis padha
nyebar wiji kasukman kanggo kowe kabeh,
apa ora kena aku padha ngeneni pametumu
kadagingan? 12 Manawa wong liya padha
wenang ngarep-arep panduman saka kowe,
apa wewenangku ora luwih gedhe?
Nanging aku padha ora migunakake
wewenang mau. Balik aku malah padha
mbetahake samubarang, supaya aja nganti
ngalang-alangi pakabaraning Injile Sang
Kristus. 13 Apa kowe padha ora sumurup, yen
wong kang padha leladi ing padaleman suci
iku pangane iya saka ing padaleman suci,
lan wong kang padha leladi ing misbyah, iku
iya padha oleh panduman saka ing misbyah
kono? 14 Mangkono uga Gusti iya wus mranata,
para kang ngabarake injil, iku uripe iya saka
anggone ngundhangake Injil iku.
15 Nanging aku, ora tau migunakake
wewenang iku mau siji-sijia. Anggonku nulis
kabeh iki, ora supaya aku ditanggapana
mangkono uga. Sabab aku milaur
mati katimbang karo ......! Temenan,
gumunggungku iki ora bisa dibatalake dening
sapa bae! 16 Sabab yen aku ngabarake Injil,
iku ora duwe dhasar kanggo ngegungake
dhiri. Marga iku rak kawajibanku. Malah bilai

aku manawa ora ngabarake Injil. [17] Saupama
anggonku nindakake iku mung manut karepku
dhewe, pancen aku duwe hak oleh pituwas.
Nanging anggonku nindakake mau ora
saka karepku dhewe, awit pakabaran iku
ayahan kang kabubuhake marang aku. [18] Yen
mangkono banjur apa pituwasku? Pituwasku
yaiku: aku diparengake ngabarake Injil tanpa
pituwas, lan aku ora migunakake wewenangku
anggonku dadi juru ngundhangake Injil.
[19] Sanadyan aku iki merdika tumraping
wong kabeh, ewadene aku ngawulakake
awakku marang wong kabeh, supaya aku
keparenga nggendeng wong kang akeh
banget. [20] Tumrape wong Yahudi aku dadi
kaya wong Yahudi, supaya aku bisaa
nggendeng wong Yahudi. Tumrap para wong
kang kawengku ing angger-anggering Toret
aku dadi kaya wong kang kawengku ing
angger-anggering Toret, -- sanadyan aku
dhewe ora kawengku ing angger-anggering
Toret -- supaya aku bisaa nggendeng para
wong kang kawengku ing angger-anggering
Toret. [21] Tumrape wong kang padha ora
kawengku ing angger-anggering Toret, aku
dadi kaya wong kang ora kawengku ing
angger-anggering Toret -- sanadyan uripku iku
ora tanpa angger-anggering Allah, sabab aku
kawengku ing angger-anggere Sang Kristus
-- supaya aku bisaa nggendeng para wong
kang ora kawengku ing angger-anggering
Toret. [22] Tumrape wong kang padha ringkih,
aku dadi kaya wong ringkih, supaya aku

bisaa nggendeng marang wong kang padha
ringkih. Tumrap sarupaning wong aku wus
dadi pepadhane, supaya sabisa-bisa aku
nggendenga wong sawatara saka ing antarane.
[23] Samubarang kabeh iku mau daktindakake
marga saka Injil, supaya aku melua oleh
pandumane.
[24] Apa kowe padha ora sumurup, yen wong
kang melu ana ing pambalapan iku kabeh
padha lumayu, nanging mung siji kang
tampa ganjaran? Mulane padha lumayua
amrih kowe bisaa tampa ganjaran. [25] Saben
wong kang melu balapan, iku njaga dhirine
ing samubarang prakara. Wong mau padha
tumindak mangkono supaya oleha makutha
kang kena ing rusak; balik kita padha ngarah
bisaa oleh makutha kang langgeng. [26] Mulane
anggonku lumayu iku ora tanpa tujuan,
lan aku dudu jago jotos kang mung waton
njotos bae. [27] Nanging aku nglatih badanku
sarta dakreh ing sakabehe, supaya sawise
ngabarake Injil marang wong liya, aja ngantia
aku dhewe ditampik.

Bangsa Israel minangka pangilon

10:1-13

10 [1] Anadene karepku, para sadulur,
supaya kowe padha ngreti, yen para
leluhur kita padha kaauban ing mega, lan
kabeh wis padha lumaku nratas patunggilane
Nabi Musa sarana kabaptis ana ing mega
lan ing sagara mau. [2] (10:1) [3] Kabeh padha

mangan tunggal pangan kasukman, 4 lan
kabeh padha ngombe tunggal omben-omben
kasukman, awit padha ngombe saka ing
parang kasukman kang ngetutake lakune,
dene parang mau yaiku Sang Kristus.
5 Ewadene panunggalane kang akeh padha ora
ndadekake keparenge Gusti Allah, ujer padha
katumpes ana ing pasamunan.
6 Kabeh iki mau wis kalakon minangka
tuladha lan pepeling tumrap kita, supaya
kita aja nganti padha kapengin marang
piala, kaya kang wus katindakake dening
wong-wong mau, 7 lan kita aja nganti padha
dadi wong nyembah brahala kaya sawenehing
panunggalane, kaya kang katulisan, wiraose:
“Wong akeh iku padha lelungguhan, mangan
lan ngombe; banjur padha ngadeg lan
seneng-seneng.” 8 Kita aja padha laku
jina, kaya kang padha katindakake dening
sawenehing panunggalane, temahan ana
wong telu likur ewu kang padha mati sadina.
9 Karomaneh kita aja padha nyoba marang
Gusti, kaya kang padha katindakake dening
sawenehing panunggalane, satemah padha
tiwas dening ula. 10 Sarta aja padha grundelan
kaya sawenehing panunggalane, satemah
padha ditumpes dening malaekating pati.
11 Kabeh iki mau wus tumempuh marang
wong-wong mau minangka tuladha, lan
katulisan supaya dadia pepeling tumrap kita
kang wus padha urip ing pungkasaning jaman.
12 Mulane sing sapa rumangsa ngadeg jejeg,
dingati-ati aja nganti tiba! 13 Kang padha

kokalami iku pacoban-pacoban kang lumrah, kang ora ngluwihi kakuwataning manungsa. Sabab Gusti Allah iku setya tuhu, ora bakal negakake kowe kacoba ngluwihi saka ing kakuwatanmu. Manawa kowe kena ing coba, Panjenengane bakal maringi marganing luwar, satemah kowe padha bisa mbetahake.

Bab bujana suci lan sesajening brahala

10:14-22

[14] Mulane para kekasihku, padha nyingkirana
panyembahing brahala. [15] Aku pitutur marang
kowe iku kaya marang wong kang padha
duwe pangreten. Padha timbangen dhewe
apa kang dakpituturake! [16] Tuwunging pamuji
sokur kang kita pujekake, apa ora minangka
patunggalan klayan rohe Sang Kristus? Apa
roti kang kita cuwil-cuwil iku ora minangka
patunggalan klayan sarirane Sang Kristus?
[17] Ing sarehne rotine iku mung siji, kang iku
kita sanadyan akeh, dadi badan siji; marga
kabeh padha oleh panduman saka roti siji iku.
[18] Padha titenana bangsa Israel kang
mungguh ing daging: wong kang padha
mangan kurban iku rak oleh panduman ing
paladosaning misbyah, ta? [19] Apa ta kang
dakkarepake kandha mangkono iku? Apa
sesajening brahala iku ana tegese? Utawa,
apa brahala iku ana kanyataane? [20] Ora! Dene
kang dakkarepake, sesajene wong-wong
iku mau tumuju marang roh-roh reged, ora

marang Gusti Allah. Lan ora dadi karepku yen
kowe padha tetunggalan karo para roh reged.
21 Ora bisa kowe padha ngombe ing tuwunge
Gusti lan iya saka ing tuwunge para roh reged.
Ora bisa kowe padha tampa panduman ing
mejane Gusti lan iya ing mejane para roh
reged. 22 Utawa apa kita nedya memungu
bentering panggalihe Gusti? Apa iya karosan
kita ngungkuli Panjenengane?

Bab apa kang dadi sesirikan

10:23--11:1

23 Aku wenang samubarang, nanging ora
samubarang iku maedahi. Aku wenang
samubarang, nanging ora samubarang
mbangun. 24 Aja nganti ana wong kang mung
golek untunge dhewe, nanging saben wong
ngaraha untunging liyan.
25 Kowe padha kena mangan apa bae kang
diedol ana ing pasar daging, aja nganggo
neges apa-apa marga saka ganggaming ati.
26 Sabab “bumi saisine kabeh iku kagungane
Pangeran.”
27 Manawa kowe padha diulemi dening wong
kang ora pracaya, lan uleman iku koktampani,
padha mangana apa bae kang disuguhake
marang kowe, aja nganggo neges apa-apa
marga saka ganggaming ati. 28 Nanging
yen ana wong kang ngandhani kowe, “Iku
sesajening brahala!” aja kokpangan, marga
saka kang ngandhani mau lan iya awit
saka pangrasaning ati. 29 Kang dakkarepake

pangrasaning ati iku dudu pangrasaning
atimu dhewe, nanging atine wong liya iku.
Bokmanawa ana wong calathu: “Yagene ta,
dene kamardikanku kok ditemtokake dening
pangrasaning atine wong liya? [30] Manawa
aku melu mangan apa-apa kanthi saos
sokur, yagene aku kok dialakake marga
saka panganan kang daksokuri iku mau?
[31] Wangsulanku mangkene: Dadia kowe
mangan, dadia kowe ngombe, dadia nglakoni
apa bae liyane, kabeh iku mau lakonana
kagem kaluhurane Gusti Allah. [32] Kowe aja
nganti padha gawe sandhungan, dadia marang
wong Yahudi, dadia marang wong Yunani,
apadene marang pasamuwane Gusti Allah.
[33] Dikaya aku iki iya ngarah nglegakake
atine wong kabeh ing bab apa bae, ora
kanggo kapreluanku dhewe, nanging kanggo
kabutuhane wong akeh, supaya padha nemua
karahayon.

11 [1] Padha nulada marang aku, dikaya aku
iya nulad Sang Kristus.

Rerenggan sirahing wanita

11:2-16

[2] Aku ngalem kowe, sabab ana ing
samubarang prakara kowe padha tetep eling
marang aku lan padha ngantepi piwulang
kang dakwenehake marang kowe. [3] Nanging
karepku, kowe padha nyumurupana bab
iki, yaiku sesirahe saben wong lanang iku
Sang Kristus, dene sesirahe wong wadon iku

kang lanang, sarta Sesirahe Sang Kristus
iku Gusti Allah. 4 Saben wong lanang kang
ndedonga utawa medhar wangsit kanthi
sirah kudhungan, iku ngremehake sirahe
dhewe. 5 Nanging saben wong wadon kang
ndedonga utawa medhar wangsit sirahe
tanpa kekudhung, iku ngremehake sirahe
dhewe, sabab padha bae karo wong wadon
gundhul. 6 Sabab wong wadon manawa ora
gelem kudhungan, iku aluwung cukura pisan.
Nanging manawa cukuran iku njalari remehing
wong wadon, becike iya padha nganggoa
kudhung. 7 Dene wong lanang iku ora prelu
nganggo kudhung, awit wong lanang iku
nyunarake citra lan kamulyaning Allah. Dene
wong wadon iku nyunarake kamulyaning
wong lanang. 8 Ujer wong lanang iku asale
ora saka wong wadon, nanging wong wadon
kang asale saka wong lanang. 9 Sarta wong
lanang iku anggone katitahake ora marga
saka wong wadon, nanging wong wadon kang
katitahake marga saka wong lanang. 10 Mulane
wong wadon iku nganggo pratandhaning
kawibawane ana ing sirahe, marga saka para
malaekat. 11 Ewadene, ana ing Gusti ora ana
wong wadon tanpa wong lanang, lan ora
ana wong lanang tanpa wong wadon. 12 Awit
kayadene anane wong wadon iku saka wong
lanang, mangkono uga anane wong lanang iku
lantaran wong wadon; lan samubarang kabeh
iku pinangkane saka Gusti Allah.
13 Padha timbang-timbangen dhewe: Apa
pantes wong wadon ndedonga marang Gusti

Allah, sirahe kok ora kudhungan? 14 Saka
kodrate dhewe rak wis tetela tumrap kowe,
yen asor mungguhing wong lanang, samangsa
rambute diingu dawa? 15 Nanging tumrap wong
wadon ngingu rambut iku dadi lan kajene. Awit
rambut iku kaparingake minangka kudhung.
16 Nanging yen ana wong kang kudu rebut
bener, aku utawa pasamuwan-pasamuwane
Gusti Allah padha ora duwe pakulinan kang
kaya mangkono iku.

Pranatan bab Bujana Suci

11:17-34

17 Ing sajrone aku aweh pranatan-pranatan
sabanjure iki aku ora bisa ngalem kowe, awit
anggonmu padha kumpulan iku ora ndadekake
mundhak becik, nanging malah mundhak
ala. 18 Sabab, dhisike aku krungu, samangsa
kowe padha masamuwan, ing antaramu
ana pasulayan, mangka satengahe aku iya
ngandel. 19 Awit ing antaramu pancen kudu
ana pasulayan, supaya ing mengko katitika
sapa saka ing antaramu kang padha tumemen.
20 Manawa kowe padha masamuwan iku ora
nedya mangan bujanane Gusti. 21 Sabab
nalikane padha kembul mangan iku, saben
wong ndhisiki njupuk pangane dhewe,
satemah kang siji kaluwen, sijine mendem.
22 Apa kowe ora duwe omah dhewe kang kena
kokenggo mangan lan ngombe? Apa kowe
padha arep ngremehake pasamuwane Gusti
Allah, sarta mirangake wong kang padha

ora deduwen? Apa ta kang arep daktuturake
marang kowe? Apa aku kudu ngalem kowe?
Tumrap prakara iki, aku ora ngalem.
23 Sabab apa kang wis daktampa saka Gusti
iku, iya wus dakluntakake marang kowe,
yaiku, yen Gusti Yesus, ing wayah bengi
nalikane Panjenengane ndungkap kaulungake,
mendhet roti, 24 lan sauwise saos sokur,
tumuli dicuwil-cuwil sarta ngandika: “Iki
badanKu, kan kaulungake marga saka kowe;
iki padha tindakna minangka pangeling-eling
marang Aku!” 25 Mangkono uga tuwunge,
sawuse dhahar, pangandikane: “Tuwung
iki prajanjian anyar kang kaecap kalawan
getihKu. Saben-saben kowe padha ngombe,
iku gawenen pangeling-eling marang Aku!”
26 Awit saben-saben kowe padha mangan roti
iki sarta ngombe ing tuwung iki, iku ateges
kowe padha martakake sedane Gusti nganti
tumeka ing rawuhe. 27 Dadi sing sapa kanthi
sawiyah-wiyah anggone mangan roti sarta
ngombe ing tuwunge Gusti, iku dosa marang
sarira lan rahe Gusti. 28 Mulane saben wong
ndadara awake dhewe, lan sawise mangkono
lagi mangan roti lan ngombe ing tuwung iku.
29 Sabab sing sapa mangan sarta ngombe ora
kalawan ngakoni sarirane Gusti, iku bakal
nekakake paukuman marang awake dhewe.
30 Mulane akeh ing antaramu kang padha
ringkih lan laranen, sarta ora saththik kang
padha nemahi pati. 31 Nanging manawa kita
padha ndadar awak kita dhewe, kita ora bakal
tampa paukuman. 32 Nanging manawa kita

padha tampa paukuman saka Gusti, iku kita
padha kaperdi, supaya kita aja nganti kaukum
barengan karo jagad.
33 Mulane para sadulurku, samangsa kowe
padha klumpukan mangan, padha enten-
ingentenana. 34 Dene yen ana wong kang luwe,
becike mangan dhisik ana ing omahe, supaya
anggonmu padha kumpulan iku aja nganti
nekakake paukuman. Mungguh bab-bab liyane
bakal dakpranata besuk satekaku.

Peparing iku beda-beda, nanging Sang Roh iku mung siji

12:1-11

12 1 Saiki bab peparinge Sang Roh. He
para sadulur, karepku kowe padha
nyumurupana ing sabenere. 2 Kowe rak
padha sumurup, yen ing nalikane kowe
durung padha wanuh karo Gusti Alah, tanpa
kokpikir kowe padha kagendeng marang
brahala-brahala kang bisu. 3 Mulane kowe
padha daksumurupake, yen ora ana wong
kang calathune marga saka Rohe Gusti Allah
kok bakal kandha: "Yesus kena ing ipat-ipat!"
lan uga ora ana wong kang bisa ngakoni:
"Yesus iku Gusti," yen ora marga dening Sang
Roh Suci.
4 Peparing iku warna-warna, nanging Sang
Roh iku mung siji. 5 Lan wujuding leladi
iku rupa-rupa, nanging Gusti iku mung siji.
6 Apadene kang katindakake iku maneka

warna, nanging Gusti Allah mung siji kang
nindakake samubarang ana ing wong kabeh.
7 Nanging saben wong kaparingan wedharane
Sang Roh kanggo kapreluaning wong akeh.
8 Sabab, kang siji kaparingan dening Sang Roh
ganjaran bisa guneman kanthi kawicaksanan,
sijine tampa peparing bisa guneman kanthi
kawruh iya saka Sang Roh iku uga. 9 Kang
siji kaparingan pracaya, iya dening Sang Roh
iku mau, lan sijine peparing bisa marasake
iya saka Panjenengane uga. 10 Kang siji
peparing bisa nganakake mukjijat, sijne
pamedhar wangsit, sijine maneh kabisan
mbedak-mbedakake sawarnaning roh. Kang
siji kabisan calathu nganggo basa roh, sijine
maneh kabisan njarwakake basa roh mau.
11 Nanging iki mau kabeh katindakake dening
Sang Roh siji iku uga, kang paring ganjaran
marang sawiji-wijining wong dhewe-dhewe ing
sakarsane.

Badan siji, gegelitane akeh

12:12-31

12 Sabab, kayadene badan iku siji, mangka
gegelitane akeh; sarta sakehe gegelitaning
badan iku sanadyan akeh, padha dadi badan
siji; mangkono uga Sang Kristus. 13 Marga kita
kabeh dadia wong Yahudi, dadia wong Yunani;
dadia batur tukon, dadia wong mardika,
wus padha kabaptis dadi badan siji padha
kaombenan ing tunggal Roh.

[14] Awitdene badan iku perangane rak ora
mung siji, nanging akeh. [15] Saupama sikil
calathu mangkene: "Sarehne aku dudu
tangan, mulane aku ora klebu peranganing
badan," apa bener yen sikil iku ora klebu
peranganing badan? [16] Lan saupama kuping
calathu mangkene: "Sarehne aku dudu mripat,
mulane aku ora klebu peranganing badan,"
kang iku apa iya bener yen kuping mau
ora klebu peranganing badan? [17] Saupama
badan sakojur iku mung wujud mripat, banjur
pangrungune ana ing ngendi? Saupama
badan sakojur iku mung wujud kuping,
panggandane ana ing ngendi? [18] Nanging
Gusti Allah wus mrenahake gegelitan iku, ing
papane dhewe-dhewe ana ing badan, manut
ing sakarsane. [19] Saupama kabeh iku mau
mung dadi perangan siji, banjur badane iku
ana ing ngendi? [20] Pancen perangane iku akeh,
nanging badane mun siji.

[21] Kang iku mripat ora kena calathu marang
tangan mangkene: "Aku ora butuh kowe."
Lan sirah ora kena calathu marang sikil
mangkene: "Aku ora butuh kowe." [22] Malah
peranganing badan kang ringkih dhewe, iku
kang dibutuhake banget. [23] Lan gegelitaning
badan kang miturut wawasan kita ora pati
ana ajine, iku padha kita paesi ngleluwihi.
Sarta peranganing badan kita kang saru,
iku padha kita rukti kalawan becik banget.
[24] Dene perang-peranganing badan kita kang
wus pantes iku ora prelu karukti mangkono.
Ujer Gusti Allah anggone ndhapuk badan kita

iku kalawan paring pangaji-aji kang linuwih
marang perangan kang rupane ora pantes,
[25] supaya ing sajroning badan aja nganti
ana pasulayan, nanging kabeh perangan
kang beda-beda kaanane iku malah padha
reksa-rineksaa. [26] Mulane yen ana perangan
siji kang lara, perangan liyane kabeh padha
melu ngrasakake; manawa ana siji kang
ingajenan, kabeh padha melu bungah.
[27] Kowe iku padha dadi sarirane Sang Kristus,
sarta siji-sijine padha dadi perangane. [28] Lan
Gusti Allah wus netepake wong sawatara ana
ing pasamuwan: sapisan dadi rasul, kapindho
dadi nabi, ping telune dadi guru. Sabanjure
ana kang kaparingan kabisan nganakake
mukjijat, marasake, leladi, nenuntun, sarta
kabisan migunakake basa roh. [29] Apa kabeh
iku dadi rasul utawa nabi utawa guru? Apa
kabeh mau padha tampa kabisan nganakake
mukjijat, [30] utawa marasake, utawa kabisan
migunakake basa roh utawa njarwakake basa
roh?
[31] Mulane padha nggayuha marang peparing
kang pinunjul dhewe. Anadene aku nuduhake
kowe dalan kang luwih utama maneh.

Bab katresnan

13:1-13

13 [1] Sanadyan aku bisa ngucapake
sarupaning basane manungsa lan
malaekat, nanging yen sepi ing katresnan,
aku padha bae kaya gong kang ngumandhang

utawa bendhe kang ngangkang. [2] Sanadyan
aku kadunungana peparing bisa medhar
wangsit, lan sumurup ing sakehe kawruh, lan
sanadyan aku duwe pangandel kang sampurna
nganti bisa ngelih gunung, nanging yen aku
sepi ing katresnan, iku aku ora aji babar pisan.
[3] Lan sanadyan aku ndanakna sabarang
darbekku kabeh, malah sanadyan aku
masrahna badanku supaya diobong, nanging
yen sepi ing katresnan, iku ora maedahi
apa-apa marang aku.
[4] Katresnan iku sabar; katresnan iku
loma, ora kumeren, ora gumunggung lan
kumenthus. [5] Katresnan iku ora saru polahe
lan ora golek kepenake awake dhewe.
Katresnan iku ora gampang nepsu lan ora
nyimpen kaluputaning liyan. [6] Katresnan iku
ora bungah awit saka anane tumindak kang
ora adil, nanging kayekten kang mbungahake.
[7] Katresnan iku nutupi samubarang, ngandel
ing samubarang, ngarep-arep samubarang,
nyabari samubarang.
[8] Katresnan iku ora ana enteke: pamedhar
wangsit iku bakal ana pungkasane; basa roh
bakal sigeg; kawruh bakal sirna. [9] Awit kawruh
kita iku ora ganep, lan pamedhar wangsit
kita ora sampurna. [10] Nanging satekane kang
sampurna, kang ora sampurna iku bakal sirna.
[11] Nalika aku isih bocah, gunemanku kaya
bocah, pangrasaku kaya bocah, pamikirku
kaya bocah. Bareng saiki aku diwasa,
kaananku kaya bocah mau wis dakbuwang.
[12] Amarga kita saiki padha ndeleng gambar

kang ora cetha ana ing pangilon, nanging
besuk kita bakal padha ndeleng adu arep.
Ing saiki aku mung sumurup ora kalawan
sampurna, nanging besuk aku bakal sumurup
kanthi sampurna, padha kaya anggonku
kapirsanan.
13 Dadine kari telung prakara iki, yaiku:
pracaya, pangarep-arep lan katresnan,
nanging kang pinunjul dhewe ing antarane
iku, yaiku: katresnan.

Sapisan maneh bab peparinge Sang Roh

14:1-25

14 1 Padha nggayuha marang katresnan,
lan ganjaran-ganjaran saka Sang
Roh, luwih-luwih peparing bab medhar
wangsit.
2 Sapa kang ngucapake basa-roh,
iku pangucape ora tumuju marang manungsa
nanging marang Gusti Allah. Sabab ora
ana wong kang mangreti basane; wong iku
pangucape bab-bab kang winadi, marga saka
Sang Roh.
3 Balik sapa kang medhar wangsit
iku, anggone ngucap marang manungsa
awujud pambangun, pitutur sarta panglipur.
4 Sing sapa calathu nganggo basa-roh iku
mbangun awake dhewe; balik sapa kang
medhar wangsit iku mbangun pasamuwan.
5 Aku seneng bae manawa kowe kabeh padha
bisa ngucap nganggo basa-roh, nanging luwih
seneng maneh manawa kowe padha medhar
wangsit. Sabab sapa kang medhar wangsit iku
luwih migunani katimbang karo kang ngucap

nganggo basa-roh, kajaba manawa wong iku
iya banjur nerangake jarwane uga, satemah
pasamuwan kabangun.
6 Kang iku para sadulur, saupama aku nekani
kowe lan ngucap nganggo basa-roh, iku
apa paedahe tumraping kowe, manawa aku
ora mratelakake bab wedharaning Allah,
apa kawruh, utawa pamedhar wangsit apa
piwulang? 7 Iku padha bae karo piranti kang
tanpa nyawa, nanging bisa muni, kaya ta
suling lan clempung -- yen iku swarane
ora beda, kapriye bisane wong nyumurupi
lagu apa kang diunekake ing suling utawa
clempung mau? 8 Utawa manawa swarane
slompret ora cetha, sapa kang bakal siyaga ing
perang? 9 Mangkono uga kowe, kang padha
calathu nganggo basa-roh: manawa kowe ora
migunakake tembung-tembung kang cetha,
kapriye bisane wong padha mangreti kang
kokucapake? Dadine calathumu tanpa guna
kaya nyalathoni angin!
10 Akeh warnane basa ing jagad iki, embuh
pira cacahe, ewasamono ora ana siji bae ing
antarane basa-basa mau kang tanpa teges.
11 Nanging manawa aku ora ngreti marang
basa mau, aku rak ateges dadi wong manca
tumraping wong kang migunakake basa iku,
lan wong iku dadi wong manca tumraping aku.
12 Mangkono uga kowe: Kowe pancen padha
nggayuh marang peparinge Sang Roh, nanging
luwih becik maneh padha ngudia, supaya
kowe bisa migunakake kanggo pambanguning
pasamuwan.

13 Mulane sing sapa ngucapake basa-roh,
nyenyuwuna supaya bisa njarwakake. 14 Sabab
yen anggonku ndedonga nganggo basa-roh,
iku rohku kang ndedonga, nanging akal
budiku ora melu ndedonga. 15 Kang iku apa
kang kudu daktindakake? Aku arep ndedonga
nganggo rohku, nanging aku uga ndedonga
nganggo akal-budiku; aku arep ngidung lan
memuji nganggo rohku, nanging ngidung lan
memuji nganggo akal-budiku uga. 16 Sabab,
manawa anggonmu muji sokur mung nganggo
rohmu, wong lumrah kang padha ana ing
kono, kapriye anggone bisa ngamini pamuji
sokurmu iku? Wong mau rak ora padha ngreti
apa kang kokucapake? 17 Sabab sanadyan
pamuji sokurmu iku iya becik banget, nanging
wong liya ora kabangun.
18 Aku saos sokur marang Gusti Allah, dene
anggonku ngucapake basa-roh iku ngluwihi
kowe kabeh. 19 Nanging ana ing pasamuwan
aku luwih seneng ngucapake limang tembung
kang bisa dimangreteni kanggo mulang wong
liya, katimbang tembung pirang-pirang ewu
ing basa-roh.
20 Para sadulur, pikiranmu aja kaya bocah.
Nanging ing bab piala dikaya bocah, nanging
pikiranmu dikaya wong diwasa. 21 Ing angger-
anggering Toret ana tulisan mangkene:
“Ingsun bakal mangandikani bangsa iki
lumantar wong kang basane seje, sarta
lumantar lambene wong manca; ewasamono
bangsa iku ora bakal ngrungokake marang
Ingsun, mangkono pangandikane Pangeran.”

[22] Dadine basa-roh iku minangka pratandha
kanggo wong kang padha ora pracaya, ora
kanggo wong kang padha pracaya; dene
pamedhar wangsit iku minangka pratandha
kanggo wong kang padha pracaya, ora kanggo
wong kang ora padha pracaya. [23] Kang iku
manawa pasamuwan kabeh padha nglumpuk,
lan saben wong padha calathu nganggo
basa-roh, nuli ana wong jaba utawa wong
kang ora pracaya padha lumebu, apa wong
iku ora bakal padha ngarani, yen kowe
padha ngomyang? [24] Balik manawa kabeh
padha medhar wangsit, nuli ana wong kang
ora pracaya utawa wong anyar lumebu, iku
bakal kawelehake dening wong akeh, sarta
dititi-priksa dening wong akeh mau; [25] sakehe
wewadi kang sumimpen ana ing batine bakal
kelair, satemah bakal sumungkem sujud
marang Gusti Allah sarta ngakoni: “Sanyata
Gusti Allah ana ing tengah-tengahmu.”

Bab tatanan ing sajroning pasamuwan

14:26-40

[26] Kang iku saiki kapriye, para sadulur?
Samangsa kowe padha kumpulan, saben wong
padha nyaosna pisungsung: kang siji masmur,
sijine piwulang utawa wedharaning Allah,
utawa peparing basa-roh, utawa njarwakake
basa-roh, nanging kabeh iku mau katindakna
kanggo mbangun. [27] Dene manawa ana kang
ngucap nganggo basa-roh, becike wong loro
utawa keh-kehe wong telu bae, giliran, lan

anaa siji kang njarwakake. 28 Nanging manawa
ora ana wong kang bisa njarwakake, becike
wong-wong mau ana ing pasamuwan padha
menenga bae, mung mosika ana ing atine
dhewe, lan munjuk ana ing ngarsaning Allah.
29 Mungguhing nabi-nabi -- becike anaa
loro utawa telu saka ing antarane kang
padha medharake pitutur, dene liyane padha
nanggapana kang padha diwedharake mau.
30 Nanging manawa wong panunggalane kang
padha lungguhan iku ana kang kaparingan
wangsit, prayogane kang dhisik iku menenga.
31 Ujer kowe kabeh padha bisa gentenan
medhar wangsit, satemah kowe padha oleh
piwulang sarta oleh panglipur. 32 Karodene
rohing para nabi iku manut marang nabine.
33 Awit kang dadi keparenge Gusti Allah iku
ora ngarsakake kaanan kang kisruh, nanging
kang tata rukun.
34 Padha kaya ana ing sakehe Pasamuwane
para suci, yen pinuju kumpulan wong
wadon padha menenga, marga padha ora
diparengake guneman, nanging prelu padha
sumuyud, kaya kang kapangandikakake
ana ing angger-anggering Toret. 35 Dene
manawa kapengin nyumurupi apa-apa, becike
padha takona marang bojone ana ing omah.
Awit ora pantes tumraping wong wadon
manawa guneman ana ing Pasamuwan. 36 Apa
pangandikane Gusti Allah iku wiwite saka
kowe? Utawa, apa tekane pangandika iku
mung marang kowe dhewe? 37 Manawa ana
wong kang rumangsa dadi nabi utawa kang

kadunungan peparing karohanen, iku kudu
eling, yen apa kang dakpituturake marang
kowe iku, dhawuhe Gusti. 38 Nanging manawa
wong iku ora nggatekake, iya aja kokgatekake.
39 Mulane, para sadulurku, padha ngudia
supaya tampa peparing medhar wangsit,
lan aja ngalang-alangi wong kang calathu
nganggo basa-roh. 40 Nanging samubarang
kabeh iku tumindaka kalawan patut lan
tumata.

Bab wungune Sang Kristus

15:1-11

15 1 Para sadulur, ing saikine aku arep
ngelingake bab Injil kang wus
dakwartakakake marang kowe, kang iya wus
padha koktampani, lan uga kokantepi. 2 Iya
Injil iku kang dadi margane kowe padha
kapitulungan rahayu, anggere kowe padha
mantep anggonmu ngugemi, kaya kang wus
dakwartakakake marang kowe -- kajaba ta yen
anggonmu padha manjing pracaya iku mung
nglaha bae. 3 Sabab kang wigati dhewe wus
dakluntakakake marang kowe, iya kaya kang wus
daktampani dhewe, yaiku yen Sang Kristus
wus nglampahi seda marga saka dosa-dosa
kita, nyondhongi surasaning Kitab Suci,
4 manawa Panjenengane wus kasarekake,
sarta ing telung dinane wus kawungokake,
cundhuk karo surasaning Kitab Suci, 5 apadene
Panjenengane wus ngatingal marang Kefas
nuli marang para sakabate rolas. 6 Sawise

iku, banjur ngatingal marang sadulur luwih
saka limang atus bebarengan; kang akeh
nganti saprene isih padha urip, salong iya
wus padha mati. 7 Nuli ngatingal marang
Yakobus, banjur marang para rasul kabeh.
8 Dene kang keri dhewe, ngatingal marang
aku, padha kayadene marang anak kang lair
durung mangsane. 9 Sabab aku iki kang asor
dhewe ing antarane para rasul, ora patut
disebut rasul, awit aku wus tau nguya-uya
Pasamuwane Gusti Allah. 10 Nanging marga
saka sih-rahmate Gusti Allah, aku dadi kaya
ing sadadiku saiki iki, lan sih-rahmat kang
kaparingake marang aku iku ora muspra.
Sabab, aku wus nglakoni pagawean luwih akeh
katimbang karo kancaku kabeh; mung bae
dudu aku, nanging sih-rahmate Gusti Allah
kang nunggil kalawan aku. 11 Kang iku, dadia
aku, dadia para kancaku, kaya mangkono
anggonku martakake, lan kaya mangkono
anggonmu padha pracaya.

Bab patangen kita

15:12-34

12 Anadene yen dakwartakake, manawa Sang
Kristus kawungokake saka ing antarane wong
mati, yagene ing antaramu kok ana kang
ngarani manawa ora ana tangine wong mati?
13 Yen ta ora ana tangine wong mati, dadi
Sang Kristus iya ora kawungokake. 14 Mangka
manawa Sang Kristus ora kawungokake,
dadi pawartaku iku kothong lan pracayamu

iya kothong. 15 Malah aku iya banjur padha
katitik dadi goroh ing ngatase Gusti Allah,
awit aku padha martakake, yen Panjenengane
wus mungokake Sang Kristus, mangka ora
mungokake, iku mau saupama bener yen ora
ana wong mati katangekake. 16 Sabab manawa
nyata wong mati ora katangekake, dadi Sang
Kristus iya ora kawungokake. 17 Lan manawa
Sang Kristus ora kawungokake, pracayamu
iku dadi tanpa guna, lan kowe isih padha
kawengku ing dosamu. 18 Apadene mungguh
para wong kang wus padha mati ana ing
Sang Kristus, dadine iya padha nemahi tiwas.
19 Manawa anggon kita ngarep-arep marang
Sang Kristus iku mung ing sajrone urip iki bae,
dadi kita kalebu wong kang cilaka dhewe ing
antarane manungsa kabeh.

20 Nanging kang bener iku yaiku manawa
Sang Kristus wus kawungokake saka ing
antarane wong mati, minangka kang wiwitan
saka panunggalane kang wus padha mati.
21 Sabab, sarehne tekane pati iku marga saka
wong siji, mangkono uga tangine wong mati
iya marga saka wong siji. 22 Awit padha kaya
ana ing Rama Adam wong kabeh padha mati,
mangkono uga ana ing Sang Kristus wong
kabeh iya bakal padha kauripake maneh.
23 Nanging saben wong manut urut-urutane:
Sang Kristus minangka kang wiwitan, sawise
iku kang padha dadi kagungane, besuk ing
sarawuhe. 24 Sawuse mangkono banjur kang
wekasan, yaiku samangsa Panjenengane
masrahake Kraton marang Gusti Allah Sang

Rama, sawise Panjenengane nyirnakake
sakehe paprentahan, panguwasa sarta
kakuwatan. 25 Sabab Panjenengane mesthi
ngratoni nganti tumeka sakehe mungsuhe
padha dikurebake ana ing sangisoring
sampeyane. 26 Mungsuh kang pungkasan,
kang disirnakake iku pati. 27 Ujer samubarang
kabeh wus ditelukake ing sangisoring
sampeyane. Nanging yen ana pangandika:
"Samubarang katelukake, dadi wus tetela yen
kang nelukake samubarang kabeh marang
Panjenengane iku mau mesthi ora kalebu.
28 Dene besuk samangsa samubarang kabeh
wus kalakon katelukake marang Sang Kristus,
nuli Panjenengane piyambak kang jumeneng
Putra iku bakal nelukake sarirane marang
kang nelukake samubarang kabeh marang
Panjenengane mau, supaya Gusti Allah
jumenenga ngabehi ing sakabehe. 29 Yen ora
mangkono, apa paedahe nglakoni kabaptis
marga saka wong mati? Manawa babar pisan
ora ana wong mati katangekake, sabab apa
dene padha gelem kabaptis marga saka wong
mati iku? 30 Lan uga aku kabeh -- yagene aku
sawayah-wayah padha gelem nemahi bebaya?
31 Para sadulur, sadina-dina aku mati. Demi
panggunggungku ing ngatase kowe ana ing
Sang Kristus Yesus, Gusti kita, kandhaku iki
bener. 32 Yen ta cara manungsa, nalika ana ing
Efesus aku nganti tarung karo kewan galak,
bab iku apa ta paedahe mungguhing aku?
Manawa wong mati padha ora katangekake,
"payo padha mangan lan ngombe, awit sesuk

kita padha mati.” [33] Kowe aja padha kasasar:
Sesrawungan kang ala iku ngrusak padatan
kang becik. [34] Padha dieling maneh kang
temenan lan aja gawe dosa maneh! Sabab ing
antaramu ana kang ora wanuh marang Gusti
Allah. Bab iki daktuturake, supaya kowe padha
rumangsa isin.

Bab tangine badan

15:35-58

[35] Nanging bokmanawa ana wong kang
takon: “Wong mati iku kapriye anggone
katangekake? Lan tekane maneh nganggo
badan kang kaya apa?” [36] Heh wong bodho!
Apa kang koksebar dhewe iku ora bakal
thukul sarta urip, manawa ora mati dhisik.
[37] Lan apa kang koksebar iku dudu wujuding
tanduran kang bakal thukul, nanging wiji
las-lasan, upamane wiji gandum utawa wiji
liyane. [38] Nanging Gusti Allah maringi wujud,
kaya kang kinarsakake, saben wiji, kaparingan
wujud dhewe. [39] Sarupane daging iku ora
padha: daging manungsa beda karo daging
kewan, beda karo daging manuk, beda karo
daging iwak. [40] Ana badan kaswargan lan ana
badan kadonyan, nanging cahyane kang ana
ing swarga ora padha karo kang ana ing bumi.
[41] Cahyaning srengenge beda karo cahyaning
rembulan, sarta cahyaning rembulan beda
karo cahyaning lintang-lintang, lan cahyaning
lintang kang siji beda karo cahyaning
lintang sijine. [42] Mangkono uga mungguh

bakal tangine wong mati. Kang kasebar iku
nandhang karusakan, kang katangekake iku
sinandhangan kalanggengan. 43 Kang kasebar
iku nandhang nistha, kang katangekake
sinandhangan kamulyan. Kang kasebar iku
nandhang kaapesan, kang katangekake
kadunungan kakuwatan. 44 Kang kasebar iku
badan kajiwan, kang katangekake iku badan
kasukman.

Yen ana badan kajiwan, uga ana badan
kasukman. 45 Kaya kang tinulis, wiraose:
“Manungsa wiwitan, Adam, iku dadi titah kang
urip. Adam kang wekasan iku dadi sukma kang
nguripake.” 46 Anadene kang dhisik tekane iku
dudu kang kasukman, nanging kang kajiwan,
sawise iku nuli kang kasukman. 47 Manungsa
kang kawitan iku asale saka lemah sarta asipat
kadonyan, dene manungsa kang kapindho
asale saka ing swarga. 48 Titah-titah kadonyan
iku padha karo kang asale saka lemah mau,
dene titah-titah kaswargan iku padha karo
Panjenengane kang asale saka ing swarga.
49 Sarta kayadene kita wus kadunungan rupa
kadonyan, mangkono uga kita iya bakal
kadunungan rupa kang saka ing swarga.

50 Iki kang daktuturake marang kowe, para
sadulur: daging lan getih ora bisa tampa
panduman Kratoning Allah, lan kang kena
ing rusak iku ora tampa panduman kang
ora rusak. 51 Padha gatekna, aku nglairake
sawijining wewadi marang kowe: kita bakal
padha ora ngalami mati kabeh, nanging kita
kabeh bakal padha malih rupa, 52 ing sakedhap

netra, bareng karo unine kalasangka kang
wekasan. Awitdene kalasangkane bakal muni,
para wong mati banjur bakal katangekake
kalawan kadunungan kaanan kang ora kena
ing rusak lan kita padha malih rupa kabeh.
53 Sabab kang kena ing rusak iki kudu ngrasuk
kang ora kena ing rusak, lan kang kena ing
pati iki ngrasuk kang ora kena ing pati. 54 Lan
sawise kang kena ing rusak iki ngrasuk kang
ora kena ing rusak, sarta kang kena ing pati
iki ngrasuk kangora kena ing pati, ing kono
bakal kayektenan pangandikaning Pangeran
kang tinulis, wiraose: "Pati wus kalebur ing
kaunggulan." 55 Heh pati, ana ing ngendi
kaunggulanmu? Heh pati, ana ing ngendi
entupmu? 56 Mungguh entupe pati iya iku dosa,
lan pikuwate dosa iku angger-anggering Toret.
57 Nanging puji sokur konjuk ing ngarsane
Gusti Allah, kang paring kaunggulan marang
kita marga saka Gusti Yesus Kristus, Gusti
kita. 58 Mulane para sadulurku kang kinasih,
kowe padha dibakuh, ditanpa gingsir, lan
tansah di sregep anggonmu nglakoni ayahane
Gusti! Awit kowe padha sumurup, yen ana ing
patunggilaning Gusti, kangelanmu mesthi ora
muspra.

Pisungsung kanggo pasamuwan Yerusalem

16:1-4

16 1 Bab nglumpukake dana kang tumuju
marang para suci, iku padha tindakna

manut pituduh-pituduh kang wis dakwenehake
marang pasamuwan-pasamuwan ing tanah
Galati. 2 Ing dina kapisan ing saben minggu,
sawiji-wijining panunggalanmu -- adhedhasar
apa kang padha koktampa -- padha nisihna
sawatara lan simpenen ana ing omah, supaya
anggonmu padha nglumpukake iku aja
nganti lagi koktindakake samangsa aku teka.
3 Dene besuk satekaku, aku arep kongkonan
wong-wong kang kokwawas prayoga dakkon
ngeterake pisungsungmu menyang Yerusalem,
nganggo dakkantheni layang. 4 Manawa prelu
aku iya melu mangkat, wong iku mau bakal
padha mangkat bareng karo aku.

Rancangane Rasul Paulus

16:5-9

5 Dene anggonku bakal nekani kowe, besuk
sawise aku nratas ing tanah Makedhonia, awit
lakuku metu ing Makedhonia. 6 Bisa uga ana
ing Korinta aku bakal tetunggalan karo kowe
nganti sawatara suwe, utawa bokmanawa
ing sajrone mangsa bedhidhing, temah kowe
padha bisa aweh pitulungan ing bab anggonku
nerusake lakuku. 7 Sabab karepku sapisan iki
ora mung sakeplasan bae anggonku bakal
niliki kowe, malah manawa Gusti marengake
anggonku tetunggalan karo kowe iku bisaa
nganti rada suwe. 8 Nanging aku bakal leren
ana ing Efesus nganti riyaya Pentekosta.
9 Marga ana ing kono, aku kawenganan lawang
amba lan santosa, kanggo nindakake ayahan

kang agung lan wigati, sanadyan akeh wong kang padha nglawan.

Katrangan sawatara

16:10-18

10 Dene samangsa Timoteus teka, padha ngaraha supaya anggone ana ing satengahmu iku aja nganggo sumelang, sabab dheweke nglakoni ayahane Gusti padha kaya aku.
11 Mulane aja nganti ana wong kang nyepelekake! Malah wenehana pitulungan, amrih bisaa nerusake lakune kanthi slamet, supaya bali nemoni aku, awit dakanti-anti tekane karo para sadulur liyane.
12 Dene mungguh sadulur Apolos, anggonku mrayogakake wus bola-bali supaya nilikana kowe bareng karo para sadulur liyane, nanging ora bisa ngleksanani ing wektu saiki. Sedyane arep teka mengko yen wis ana longgaring wektu kang becik.
13 Padha meleka! Dibakuh ing pangandel! Dipadha lanang, disantosa!
14 Sakehing ayahanmu lakonana kanthi katresnan.
15 Ana maneh panjalukku marang kowe, para sadulur. Kowe padha sumurup yen Stefanus sabrayate iku kang kawitan padha mratobat ana ing tanah Akhaya, sarta wus cumawis ngladeni para suci.
16 Mulane padha manut mituruta marang wong kang kaya mangkono iku lan saben wong kang melu tumindak ing gawe sarta padha nglakoni rekasa.
17 Aku bungah awit saka tekane Stefanus, Fortunatus lan

Akhaikus, awit iku padha nyukupi apa kang
dadi kekuranganmu; [18] sabab para sadulur iku
padha gawe ayeming atiku lan atimu. Mulane
padha ngajenana wong kang kaya mangkono
iku.

Salam

16:19-24

[19] Sakehe pasamuwan ing tanah Asia-Cilik
padha kirim salam marang kowe kabeh.
Akwila, Priska dalah pasamuwan kang ana ing
omahe padha kirim salam mawantu-wantu
marang kowe. [20] Sadulur kabeh padha kirim
salam marang kowe. Padha salam-salamana
kalawan pangambung suci.
[21] Kalawan tanganku dhewe, aku nulis iki:
Salam saka Paulus.
[22] Sapa kang ora tresna marang Gusti, iku
kenaa ing ipat-ipat. Maranata!
[23] Sih-rahmate Gusti Yesus, nunggila ing
kowe kabeh.
[24] Tresnaku anaa ing kowe kabeh sajroning
patunggilane Sang Kristus Yesus.

2 KORINTA

Salam

1:1-2

1 1 Saka Paulus, kang awit saka karsaning
Allah dadi rasule Sang Kristus Yesus,
lan saka Timoteus sadulur kita, marang
pasamuwaning Allah ing Korinta karo
sakabehing won suci ing sawrtanin tanah
Akahya.
2 Sih-rahmat lan tentrem-rahayu saka Gusti
Allah, Rama kita, lan saka Gusti Yesus Kristus
anaa ing kowe kabeh.

Pangucap sokur

1:3-11

3 Pinujia Gusti Allah, kang Ramane Gusti
kita Yesus Kristus, Rama kang kebak sih
palimirma lan Gusti Allah kang dadi sumbering
panglipur, 4 kang nglipur aku kabeh ing
sajroning kasusahanku, satemah aku bisa
nglipur wong-wong kang nandhang sarupaning
kasusahan kanthi panglipur peparinge Gusti
Allah marangaku dhewe. 5 Sabab kaya
anggonku padha nampani panduman ing
sangsarane Sang Kristus kalawan luber,
samono uga marga saka Sang Kristus aku
padha kaparingan panglipur nganti luber. 6 Yen

aku padha nemu kasusaha, iku dadi panglipur
lan karahyonmu; dene yen aku padha kalipur,
iku iya dadi panglipurmu, satemah kowe
padha oleh kakuwatan kang njalari kowe
padha sabar ing sajroning kasangsaran
kang padha kaya kang daksandhang. 7 Lan
pangarep-arepku tumrap kowe iku tetep, awit
aku padha sumurup, manawa padha kaya
anggonmu melu kapanduman kasangsaranku
kabeh, kowe iya padha melu kapanduman
in panglipur. 8 Sabab karepku para sadulur,
supaya kowe padha sumurupa mungguhing
sangsara kang dakalami ana ing tanah
Asia-Cilik; aku padha nandhang sangsara
kang samono gedhene lan abote, ngantiaku
padha ora duwe pangarep-arep yen bisa
urip. 9 Malah aku kabeh rmangsa kaya wus
kapatrapan paukuman pati. Nanging bab
iku anggone kalakon supaya aku aja padha
nganti ngandelake marang awakku dhewe,
nanging ngemungna marang Gusti Allah kang
nangekake para wong mati. 10 Panjenengane
wus nguwalake lan bakal nguwalake
aku kabeh saka ing pati kang nggegirisi
banget iku: iya marang Panjenengane iku
anggonku nggantungake pangarep-arep,
yen Panjenengane bakal ngluwari aku
kabeh maneh, 11 marga kowe uga mbiyantu
aku kabeh kanthi pandonga, supaya akeh
wong kang padha saos sokur mungguhing
sih-rahmat kang kaparingake marang aku
kabeh, marga saka akehe pandongane tumrap
aku.

Owah-owahan ing rangane Rasul Paulus

1:12--2:4

12 Iki kang dakagung-agungake, iya iku
paseksene rumangsaning atiku, yen lakuku
ana ing jagad iki, apa maneh ing bab
gegayutanku karo kowe, iku marga saka
dayaning temen lan murni kang saka ing
Allah, ora marga saka dayaning kawicaksan
kadonyan, nanging marga saka sih-rahmating
Allah. 13 Sabab kang padha daktulis iki mung
apa kang bisa kokwaca sarta kokmangreteni.
Lan pangarep-arepku muga-muga kowe padha
bisa mangreti nganti sapantoge, 14 kayadene
anggonmu wis padha mangreti sawatara saka
aku, yaiku yen kowe bakal ngegung-egungake
aku, kayadene anggonku iya bakal padha
ngegung-egungake kowe besuk, in dinane
Gusti Yesus.
15 Lelandhesan keyakinan iki, aku maune
wus tau ngrancang nekani kowe, supaya
kowe oleha sih-rahmat kang kaping pindhone.
16 Banjur arep nerusake lakuku menyang
ing tanah Makedhonia, saka ing tanah
Makhedonia bali maneh menyang nggonmu,
lan kalawan pitulunganmu aku bisa neruake
lakuku menyang ing tanah Yudea. 17 Dadi, apa
anggonku ngrancang mangkono iku tanpa
pikiran? Utawa apa mung manut pepenginanku
dhewe, temahan aku banjur duwe ujar “iya,
iya” lan “ora, ora”? 18 Demi Gusti Allah
kang setya tuhu, janjiku marang kowe ora

“iya” lan “ora”. [19] Awit Gusti Yesus Kristus,
Putraning Allah, kang wus dakwartakake ana
ing antaramu, iya aku lan Silwanus sarta
Timoteus, dudu “iya” lan “ora”, nanging
kosokbaline ana ing Panjenengane iku kang
ana mung “iya”. [20] Sabab Sang Kristus iku
“iya” tumraping sakehe prasetyane Gusti
Allah. Iya iku sababe anggon kita marga
saka Panjenengane, banjur ngucap “Amin”
minangka kamulyaning Allah. [21] Sabab
Panjenengane kang wus nyantosakake
aku kabeh bebarengan karo kowe ana ing
patunggilane Sang Kristus, yaiku Gusti Allah
kang wus njebadi, [22] lan wus maringi tandha
cap marang kita yen kita iku dadi kagungane
lan kang maringi Sang Roh Suci ana ing
ati minangka panjer. [23] Nanging aku nyebut
marang Gusti Allah minangka seksiku --
Panjenengane iku nguningani aku -- manawa
anggonku ora sida teka ing Korinta iku
sabab aku ngeman kowe. [24] Ora marga saka
anggonku kapengin mrentah, apa kang kudu
kokpracaya, awit pracayamu santosa. Nanging
aku padha kapengin melu mbiyantu nenangi
ing kabungahanmu.

2 [1] Ing sajroning atiku aku wus netepake,
manawa kita ora bakal nekani kowe maneh
kalawan susah. [2] Awit, manawa aku kang
gawe sedhihmu, sapa maneh kang bisa gawe
bungahku kajaba kang padha sedhih marga
saka aku. [3] Lan yaiku karepe layangku iki,
yaiku supaya manawa aku teka, aja nganti aku
sedhih marga saka wong-wong, kang kudune

padha gawe bungahku. Sabab aku yakin ing
bab kowe kabeh, manawa kabungahanku iku
iya kabungahanmu uga. 4 Sabab anggonku
nulis marang kowe iku ana ing satengahing
kasusahan lan sumpeking ati kang banget
lan kanthi ngruntuhake luh akeh, ora supaya
kowe dadi sedhih, nanging supaya kowe padha
sumurup sapira gedhene katresnanku marang
kowe kabeh.

Pangapura marang wong kang kaluputan

2:5-11

5 Dene manawa ana wong kang gawe sedhih,
iku dudu atiku kang digawe sedhih, nanging
kowe kabeh, utawa saora-orane -- supaya
anggonku kandha ora dakbangetake -- wong
sawatara ing antaramu. 6 Wong kang kaya
mangkono iku wus cukup kaelikake dening
wong akeh ing antaramu, 7 malah kosokbaline
kowe padha ngapuraa lan nglipura wong
iku, supaya aja nganti ngenes marga saka
bangeting susahe. 8 Mulane pituturku marang
kowe kabeh, supaya kowe padha nandukna
katresnan marang wong mau. 9 Awit iya iku
tujuane anggonku nulis layang marang kowe,
yaiku kanggo ndadar kowe, apa kowe padha
tetep mituhu ana ing samubarang kabeh.
10 Awit sapa kang kokapura kaluputane, iku iya
dakapura. Sabab yen aku ngapura -- saupama
ana kang kudu dakapura -- anggonku ngapura
iku marga saka kowe ana ing ngarsane
Sang Kristus, 11 supaya Iblis aja nganti oleh

kauntungan kang tumuju marang kita, sabab kita sumurup apa kang dikarepake.

Was sumelang lan kalegane penggalihe Rasul Paulus ana ing kutha Troas lan ing tanah Makedhonia

2:12-17

12 Nalikane aku tekan ing Troas prelu
martakake Injile Sang Kristus, aku wus
kawenganan lawang dening Gusti ana ing
kana. 13 Nanging atiku ora rumangsa jenjem,
sabab aku ora kepethuk karo sadulur Titus,
mula aku banjur pamitan lan mangkat
menyang ing tanah Makedhonia.
14 Nanging puji sokur konjuk ing Gusti Allah,
kang ana ing patunggilane Sang Kristus
tansah nuntun aku kabeh ana ing dalaning
kaunggulane. Lan lumantar aku aruming
kawruh tumrap Panjenengane sumebar
ing saenggon-enggon. 15 Awit kagem Gusti
Allah aku kabeh iki dadi gandaning arum
Sang Kristus ana ing tengah-tengahing
wong kang padha nemu karahayon lan
ana ing antarane wong kang padha nemu
karusakan. 16 Tumrap kang nemu karusakan,
aku kabeh iki gandaning pati kang tumeka
ing pati, lan tumrap kang nemu karahayon
gandaning urip kang nguripake. Nanging sapa
ta kang kaconggah nglakoni ayahan kang
kaya mangkono iku? 17 Awit aku kabeh ora
padha karo wong liya kang akeh-akeh, kang
padha mburu kabegjan saka pangandikaning

Allah. Kosokbaline ana ing Sang Kristus
aku padha ngucap ing samesthine kanthi
kekarepan-kekarepan kang murni awit saka
dhawuhing Allah lan ana ing ngarsane.

Para abdining prajanjian kang anyar

3:1-18

3 [1] Apa aku wiwit ngalem marang awakku
dhewe maneh? Utawa apa prelu aku
kaya wong-wong liya nuduhake layang
pangalembana marang kowe utawa saka
kowe? [2] kowe iku layang pangalembanaku
kang katulis ing atiku lan kang disumurupi
sarta kang bisa kawaca dening wong kabeh.
[3] Awit wus tetela, manawa kowe iku layange
Sang Kristus, kang daktulis ing sajrone aku
padha leladi, katulis ora nganggo mangsi,
nanging nganggo Rohe Gusti Allah kang asipat
gesang, dudu ing papan watu, nanging ing
papan daging, yaiku ing atine manungsa. [4] Iya
kaya mangkono iku gedhening kayakinanku
marang Gusti Allah marga saka Sang Kristus.
[5] Manawa aku dhewe ora bisa nganggep
apa-apa iku pagaweanku dhewe; ora,
anggonku bisa nindakake apa-apa iku marga
saka pakaryaning Allah. [6] Panjenengane uag
kang wus mbisakake aku padha dadi abdining
prajanjian anyar, kang ora saka angger-angger
kang katulis, nanging saka Roh, sabab
angger-angger kang katulis iku mateni, dene
Roh iku nguripake.

7 Pranatan leladi kang nuntun marang pati iku
katulis ing watu kalawan aksara. Ewasamono
nalika kaparingake sinartan kamulyaning
Allah, kang njalari wong Israel padha ora
betah nyawang marang wedanane Nabi Musa,
marga kadunungan kamulyan, sanadyan
kamulyan mau bakal sirna, 8 mendahane
maneh ayahan ing Roh yen oraa kadunungan
kamulyan kang ngluwihi iku. 9 Awit, manawa
ayahan kang nekakake paukuman iku luhur,
mendahane maneh ayahan kang ngolehake
kabeneran yen oraa ngluwihi kamulyane.
10 Satemene apa kang biyen kaanggep luhur,
iku dudu apa-apa manawa katandhingake karo
kamulyan kang pinunjul iki. 11 Awit manawa
kang bisa sirna bae kinanthenan kamulyan,
apamaneh kang tetep ora sirna yen oraa
kinanthenan kamulyan kang ngluwihi iku.
12 Sarehne aku padha duwe pangarep-arep
kang kaya mangkono, mulane aku padha
tumindak kanthi kebak ing kakendelan,
13 ora kaya Nabi Musa, kang nganggo nutupi
wedanane, supaya mripate wong-wong Israel
aja nganti padha ndeleng ilanging cahyane
kang mung sadhela anane iku. 14 Nanging
budine wong-wong iku wus padha dadi kethul,
sabab nganti ing dina iki tutup iku mau isih
tetep nutupi wong-wong mau, pamacaning
prajanjian lawas tanpa kaungkapan, marga
mung Sang Kristus piyambak kang bisa
ngicali tutup iku. 15 Malah nganti ing dina iki,
saben maca kitab Musa, isih ana tutup kang
nutupi atine. 16 Nanging wong kang mratobat

marang Gusti, iku tutupe banjur kasingkirake.
17 Awit Gusti iku Sang Roh; lan ing ngendi ana
Rohing Allah ing kono ana kamardikan. 18 Lan
kita kabeh iki padha ngatonake kamulyane
Gusti kalawan rai kang ora katutupan kaya
ana ing pangilon sarta padha kasalinan rupa
madhani pasemone iku kalawan kamulyan
kang mundhak-mundhak, kang asale saka
Gusti kang asipat Roh.

Rajabrana rohani ing grabah

4:1-15

4 1 Kang iku sarehne aku wus padha nampani
ayahan iki, marga saka sih-palimirmane
Gusti Allah, mulane atiku ora nganti kemba.
2 Ananging aku padha nampik sakehing
panggawe dhedhelikan kang nistha; aku
ora tumindak kanthi paekan lan ora malsu
pangandikaning Allah, nanging aku nglairake
kayekten lan awit saka iku aku masrahake
awakku supaya ditimbang-timbang dening
wong kabeh ana ing ngarsane Gusti Allah.
3 Manawa Injil kang dakwartakake isih meksa
katutup uga, mesthi iku katutup tumrap wong
kang bakal padha nemu karusakan, 4 yaiku
wong kang ora pracaya, kang angen-angene
wus dipicakake dening allahe jaman iki,
temahan wong mau ora padha ndeleng
cahyaning Injile kamulyane Sang Kristus,
kang dadi citrane Gusti Allah. 5 Awit kang
dakwartakake iku dudu awakku dhewe,
nanging Gusti Yesus Kristus kang jumeneng

Gusti, lan aku kang padha dadi abdimu marga
saka karsane Gusti Yesus. 6 Awit Gusti Allah
kang wus ngandika, “Saka ing pepeteng bakal
ana pepadhang kang sumorot!” iku uga kang
nyorotake pepadhang ana ing ati kita, supaya
kita kapadhangan ing kawruh bab kamulyane
Gusti Allah kang katingal ana ing wedanane
Sang Kristus.
7 Nanging rajabrana kita iki kawadhahan ing
grabah, supaya tetelaa manawa kakuwatan
kang ngedab-edabi iku asale saka ing Gusti
Allah, dudu saka awakku dhewe. 8 Mungguhing
samubarang aku ki padha katindhes, nanging
ora kejepit; aku padha kentekan akal, nanging
ora kelangan pangarep-arep; 9 aku padha
dikuya-kuya, nanging ora ditinggal ijen, aku
padha kabanting, nanging ora nemu bilai.
10 Ana ing ngendi-endi aku tansah padha
nandhang sangsarane sedane Gusti Yesus
ing badanku, supaya gesange Gusti Yesus
uga kawedhar ana ing badanku. 11 Awit aku
kang isih urip iki, tansah kaulungake marang
pati marga saka Gusti Yesus, supaya gesange
Gusti Yesus kawedhar ing badanku kang ora
langgeng iki. 12 Iya mangkono iku anggone si
pati nandukake dayane ana ing badanku lan
urip nandukake dayane ana ing kowe.
13 Nanging sarehne aku padha kadunungan
rohing pracaya kang padha, kaya ing tulisan,
“Aku wus kumandel, mulane aku wus ngucap,”
mulane aku iya pracaya lan marga saka iku
aku uga ngucap. 14 Awit aku padha sumurup
manawa Panjenengane kang wus mungokake

Gusti Yesus, iya bakal nangekake aku uga
bareng karo Gusti Yesus. Lan bebarengan karo
kowe kabeh kasowanake ing ngarsane. [15] Awit
iku kabeh kalakone marga saka kowe, supaya
sih-rahmat kang sangsaya mundhak gedhe,
marga sangsaya akehe wong kang manjing
pracaya, ndadekna sangsaya lubere pangucap
sokur kang konjuk ing kaluhuraning Allah.

Aja semplah atimu, uga manawa ngadhepi pati

4:16--5:10

[16] Marga saka iku aku ora rumangsa semplah,
malah sanadyan ta kamanungsanku kang lair
sangsaya rusak, nanging kamanungsanku
kang batin kaanyarake saben dina. [17] Awitdene
sangsaraku kang entheng saiki iki, iku
ngolehake kamulyan marang aku kang
ngluwihi samubarang kabeh, banget anggone
ngungkuli kasangsaranku. [18] Marga kang
dakgatekake dudu kang katon, nanging kang
ora katon, awit kang katon iku anane sawatara
mangsa, mangka kang ora katon iku langgeng.
5 [1] Awit aku padha sumurup, manawa omah
kita tarub ing bumi iki kabongkar, Gusti
Allah wus nyawisake panggonan ing swarga
kanggo kita, kang langgeng, kang ora kagawe
dening tanganing manungsa. [2] Salawe kita
ana ing tarub iki, kita padha nggresah, marga
kita kapengin banget ngenggoni yeyasan
kang ana ing swarga, [3] kang ngungkuli papan
panggonan kita kang saiki iki, ana ing kono

kita ora bakal tinemu wuda. [4] Sabab salawase
isih manggon ing tarub iki, kita nggresah
lan kabotan, awit kita kapengin nganggo
sadhangan kang anyar iku, ora nganggo cucul
sandhangan kang lawas, supaya kang kena
ing pati kauntala dening urip. [5] Nanging Gusti
Allah kang malah nyadhangake kita marang
bab iku, lan kang maringi Roh marang kita
minangka panjering samubarang kang wus
kacawisake marang kita.

[6] Awit saka iku atiku tansah padha tatag,
sanadyan aku padha ngreti, manawa salawase
aku padha manggon ing sajroning badan
iki, isih adoh karo Gusti, -- [7] sabab urip kita
iki sarana pracaya, ora sarana ndeleng --
[8] nanging atiku padha tatag, lan aku kabeh
malah seneng ngalih saka ing badan iki lan
manggon ing jero ndherek Gusti. [9] Marga
saka iku aku padha ngudi, sajrone aku
padha manggon ing badan iki, utawa ana
ing sajabane, supaya aku padha ndadekna
ing kaparenge. [10] Sabab kita kabeh kudu
padha ngadhep ana ing ngarsane dhamparing
pangadilane Sang Kristus, prelu nampani
ganjaran kang cundhuk karo kang padha kita
lakoni dhewe-dhewe sajrone urip iki, dadia
kang becik, dadia kang ala.

Ayahaning karukunan

5:11-21

[11] Kang iku sarehne aku padha sumurup ing
bab wedi marang Gusti, mulane aku ngudi

ngyakinake wong-wong. Tumrap Gusti Allah
sedyaku iku wus cetha, lan pangarep-arepku
uga mangkonoa tumrap kowe kabeh. 12 Awit
aku ora padha mbecikake awakku dhewe
maneh marang kowe, nanging aku padha
aweh margane kowe bisa ngegung-egungake
aku kabeh, supaya kowe bisa ngadhepi para
wong kang gumunggung mungguhing lair,
ora mungguhing batin. 13 Sabab manawa
aku ora bisa ngemudheni dhiri, iku marga
saka anggonku nindakake ayahaning Allah,
lan saupama bisa, iku marga saka kowe.
14 Sabab iya sih katresnane Sang Kristus kang
mbereg marang aku kabeh, awit aku wus
padha sumurup, manawa wong siji wus mati
kanggo wong kabeh, dadine kabeh wus padha
mati. 15 Lan Sang Kristus wus nglampahi seda
kanggo wong kabeh, supaya wong kang padha
urip, uripe ora lumadi marang awake dhewe
maneh, nanging lumadia marang kang wus
seda lan kang wus kawungokake marga saka
wong-wong mau.
16 Mulane wiwit saiki aku ora padha mbobot
sawiji-wijia wong maneh manut ukuraning
manungsa. Lan manawa aku wus padha tau
mbobot Sang Kristus cara kadagingan, saiki
aku ora padha mbobot Panjenengane kanthi
patrap mangkono maneh. 17 Dadi sapa kang
ana ing Sang Kristus, iku dadi titah anyar:
kang lawas wus sirna, lan kang anyar pranyata
wus teka. 18 Lan kabeh iku pinangkane saka
Gusti Allah, kang lumantar Sang Kristus wus
ngrukunake kita kalawan Panjenengane lan

kang wus masrahake ayahan karukunan
iku marang aku kabeh. 19 Awit Gusti Allah
lumantar Sang Kristus ngrukunak jagad
karo Panjenengane Piyambak, ora ngetang
panerake, lan masrahake pawarta karukunan
iku marang kita.
20 Mulane aku iki iya padha dadi utusane
Sang Kristus kaya-kaya Gusti Allah paring
pitutur marang kowe kabeh lumantar aku;
atas Asmane Sang Kristus panjalukku marang
kowe: padha gelema karukunake karo Gusti
Allah. 21 Panjenengane kang ora tepang karo
dosa wus kadosakake marga saka kita, supaya
ana ing Panjenengane kita kabenerake dening
Gusti Allah.

Rasul Paulus ing ayahane

6:1-10

6 1 Anadene aku iki ing sarehne padha dadi
kanca tunggal ayahan, pituturku marang
kowe kabeh, supaya aja nganti padha gawe
muspraning sih-rahmate Gusti Allah, kang wus
koktampani. 2 Sabab Gusti Allah ngandika:

"Ing mangsa kang ngremenake Ingsun
wus miyarsakake sira, lan ing dinane
karahayon Ingsun wus mitulungi sira."

Satemen-temene, iya wektu iki wektu kang
ngremenake iku; iya dina iki dinane karahayon
iku. 3 Ing prakara apa bae aku ora padha gawe
dhadhakan wong padha kesandhung, supaya
anggonku padha leladi aja nganti dicacad.
4 Nanging ing sadhengah prakara aku nelakake

manawa aku iki padha abdining Allah,
yaiku: kebak kasabaran, sajroning nandhang
sangsara, ing karupekan, lan ing reribed,
5 ing sajrone kasiksa, kakunjara lan pageger,
rekasa, kepeksa melek, lan kepeksa ngelih;
6 ing kasucening ati, ing kawruh, kasabaran,
lan kadarman; ing Sang Roh Suci lang ing
sih katresnan kang salugu; 7 ing sajroning
martakake kabeneran lan panguwaosing
Allah; kanthi migunakake gegamaning
kaadilan kanggo nempuh utawa nanggulangi
8 nalika diaji-aji lan nalika diremehake; nalika
diundhat-undhat utawa nalika dialem; nalika
kadakwa dadi juru apus, nanging dipracaya,
9 kaya wong kang ora ana kang wanuh,
nanging kondhang; kaya wong kang meh mati,
mangka padha urip, kaya wong kang disiksa
nanging ora mati, 10 kaya wong kang sedhih,
nanging tansah bungah-bungah, kaya wong
kang mlarat nanging nyugihake wong akeh;
kaya wongkang ora duwe apa-apa, nanging
aku padha nduweni samubarang kabeh.

Bab kasucen

6:11--7:1

11 Aku wus kandha kanthi blak-blakan
marang kowe, atiku menga amba tumrap
kowe, he wong Korinta! 12 Kowe iku padha
oleh papan kang jembar ana ing atiku,
nanging aku mung koksadhiyani papan kang
rupek ana ing atimu. 13 Mulane saiki, supaya
padha-padha, -- anggonku pitutur iku kaya

marang anak-anakku --: Atimu wengakna
kang ngeblak! 14 Aja nganti kowe padha dadi
rakitan kang ora timbang karo wong kang ora
pracaya. Sabab kabeneran iku ana gegayutane
apa karo duraka? Utawa kapriye bisane
pepadhang tetunggalan karo pepeteng? 15 Apa
ana jumbuhe Sang Kristus karo Belial iku?
Panduman apa kang diduweni bebarengan
dening wong kang pracaya lan ing wong kang
ora pracaya? 16 Apa gegayutane padalemane
Gusti Allah karo brahala? Awit kita iki padha
dadi padalemane Gusti Allah kang gesang
kayadene kang dipangandikake dening Gusti
Allah mangkene:

"Ingsun bakal dedalem bebarengan karo
wong-wong mau,
lan gesang ana ing tengah-tengahe,
lan Ingsun bakal dadi Allahe,
lan dheweke bakal padha dadi umat ingSun.
17 Mulane:
Sira padha metua saka ing wong iku,
lan sira misaha, mangkono pangandikane
Pangeran,
lan aja padha nggepok senggol samubarang
kang najis,
tumuli sira bakal padha Suntarimah.
18 Lan Ingsun bakal dadi Ramanira,
sarta sira bakal padha dadi putraningSun
lanang lan wadon.
Mangkono pangandikane Pangeran, Kang
Mahakuwasa."

7 1 Kang iku sarehne kiat kaparingan
prasetya-prasetya mau, para kekasih,

mulane payo kita padha nucekake badan kita saka sarupaning jejembering daging lan ing roh, lan kalawan mangkono kita nyampurnakake kasucen kita ing sajrone wedi-asih marang Gusti Allah.

Bungah sawuse susah

7:2-16

2 Aku padha wenehana papan ana ing atimu;
aku ora tau kaluputan karo wong, ora gawe
pitunaning wong lan uga ora ngasil-asil
marang wong. 3 Anggonku kandha mangkono
iku ora marga saka arep matrapi paukuman
marang kowe, awit mau wus dakkandhakake,
manawa kowe wus oleh papan ana ing atiku,
temahan kita bareng urip lan bareng mati.
4 Karo kowe iku aku blak-blakan banget, lan
uga banget anggonku ngegung-egungake
kowe. Sajrone aku padha nandhang susah, aku
kebak panglipur, lan kaluberan kabungahan.
5 Nalika aku padha teka ing tanah
Makedhonia, aku padha ora bisa tentrem.
Malah ana ing ngendi-endi aku padha nemu
kasusahan: ing jaba tarung lan ing jero
was-sumelang. 6 Nanging Gusti Allah kang
nglipur marang wong kang padha lembah atine
iku wus nglipur aku kabeh marga saka tekane
Titus. 7 Ora marga saka tekane bae, nanging
uga marga saka panglipur kang dialami
ana ing tengah-tengahmu. Awit dheweke
wus nyritakake marang aku mungguhing
kangenmu, panggresahmu, katemenanmu

anggonmu mbelani aku, temahan saya wuwuh
kabungahanku.
8 Dadi sanadyan aku wus gawe sedhihmu
marga saka layangku, nanging aku ora
kaduwung. Pancen aku tau kaduwung,
marga aku sumurup manawa layang iku
nyedhihake atimu, sanadyan mung sawatara
mangsa, 9 nanging saiki aku bungah, ora
marga anggonmu wus sedhih, nanging
marga kasedhihanmu iku njalari kowe
mratobat: sabab anggonmu padha sedhih iku
nyondhongi ing karsane Gusti Allah, temahan
sathithik bae kowe ora dakrugekake. 10 Sabab
kasusahan kang nyondhongi karsaning Allah
iku nuwuhake pitobat kang nuntun marang
karahayon kang ora gawe getun, nanging
kasusahan kang saka ing jagad iki nuwuhake
pati. 11 Sabab padha gatekna: kasedhihan
kang nyondongi karsaning Allah iku malah
marakake kowe padha temen banget, malah
nuwuhake panjawab, gela, wedi, kasregepan,
pameleh! Ing bab iku kabeh kowe wus padha
nelakake manawa ora kaluputan ing prakara
iku.
12 Mulane, anggonku wus nulis layang
marang kowe, iku ora marga saka ana wong
kang luput, utawa marga saka ana wong
kang nandhang susah, amarga kapanduk
ing kaluputaning liyan mau, nanging supaya
tetelaa tumrap kowe gumatimu marang aku
ana ing ngarsane Gusti Allah. 13 Iya marga
saka iku aku padha kalipur.

Lan kajaba saka panglipur iku, aku
padha saya bungah maneh amarga saka
kabungahane Titus, sabab kowe kabeh wus
padha ngayemake atine. [14] Sabab manawa aku
nglairake pangalembana tumrap kowe marang
Titus iku kowe ora gawe gelaku; nanging
padha kaya anggonku tansah ngandhakake
apa kang bener marang kowe, samono uga
pangalembanaku ana ing ngarepe Titus iku iya
wus kayektenan temenan. [15] Lan katresnane
marang kowe saya mundhak gedhe, yen
ngelingi marang pamanutmu kabeh, kapriye
anggonmu nampani tekane kalawan wedi
lan geter. [16] Aku bungah banget, dene aku
bisa kumandel marang kowe ing samubarang
prakara.

Ayahan sih katresnan

8:1-15

8 [1] Sadulur-sadulur, aku padha aweh weruh
marang kowe bab sih-rahmat kang
kaparingake marang pasamuwan-pasamuwan
ing tanah Makedhonia. [2] Awit sajroning tampa
pacoban kang abot kang awujud kasangsaran
mawarna-warna, kabungahane ngluwihi, lan
sanadyan padha miskin banget, ewasamono
ngluberake kasugihaning kamurahane.
[3] Sabab aku nyumurupi yen wong iku wus
padha weweh manut kakuwatane, malah
ngluwihi kakuwatane. [4] Sarta metu saka
prentuling atine dhewe padha njaluk kanthi
banget marang aku, supaya dakolehake

melu ing ayahan ngladeni marang para suci.
5 Dene kang padha dipasrahake iku ngluwihi
pangiraku, awit nganti padha nyaosake awake
dhewe marang Gusti Allah dhisik, sabanjure
iya marang aku kabeh uga awit saka karsane
Gusti Allah. 6 Awit saka iku aku ngatag marang
Titus, supaya nekani kowe lan ngrampungake
ayahan katresnan, kang biyen wus diwiwiti
iku. 7 Mula saikine, padha kaya anggonmu
wus sugih ing samubarang, -- ing pracaya,
ing pamicara, ing kawruh, ing tumemenmu
anggonmu mbiyantu, lan ing sih-katresnanmu
marang aku kabeh -- samono uga kowe iya
padha pinunjula ing ayahan sih-katresnan iki.
8 Anggonku mituturi mangkono iku ora ateges
prentah, nanging mung marga saka anggonku
kapengin neter kaeklasaning sih-katresnanmu
kalawan nuduhake sakehing pambudidayane
wong-wong kang padha aweh pambiyantu.
9 Marga kowe wus padha sumurup marang
sih-rahmate Gusti kita Yesus Kristus, yaiku
manawa Panjenengane, kang amarga saka
kowe dadi mlarat, sanadyan Panjenengane
iku sugih, supaya kowe dadia sugih marga
kamlaratane.
10 Iya iki panemuku tumrap bab iku, kang
bokmanawa maedahi tumrap kowe. Pancen
wus wiwit taun kang kapungkur anggonmu
wiwit nindakake lan sumedya ngrampungake
uga. 11 Mulane saiki, rampungna kang
koktindakake iku! Wondene anggonmu
ngrampungake iku cundhukna karo eklasing
atimu sarta tindakna kalawan ngelingi sapira

kang kokduweni. [12] Awit manawa anggonmu
weweh iku kalawan eklas, pawewehmu iku
mesthi bakal ditampani, manawa pawewehmu
iku awewaton apa kang kokduweni, ora
awewaton apa kang ora kokduweni.
[13] Awit anggonmu dieboti iku ora supaya
wong liya padha kaenthengna, nanging
supaya dadia timbang. [14] Mulane becike saiki
kaluwihanmu kanggoa nyukupi kakuranganing
liyan, supaya kaluwihaning liyan mengko genti
kanggo nyukupi kekuranganmu, temahan
banjur dadi satimbang. [15] Kaya kang katulisan:
"Wong kang oleh akeh, ora turah lan kang
oleh sathithik ora kurang."

Titus diutus

8:16-24

[16] Nanging puji sokur konjuk marang Gusti
Allah, kang maringi katemenan kang kaya
mangkono uga ana ing atine Titus ing bab
anggone mbiyantu kowe, [17] dene nganti nuruti
panjalukku, malah saka bangeting tumemene
anggone tumindak ing gawe, banjur metu
saka karepe dhewe mangkat nemoni kowe.
[18] Lakune dakkantheni sadulur kita, kang
wus oleh pangalembanane pasamuwan
kabeh bab anggone nggelarake Injil. [19] Lan
ora mung iku bae! Sadulur mau uga wus
kapiji dening pasamuwan-pasamuwan
kanggo ngancani anggonku padha nindakake
ayahan sih-katresnan iki, kang daktindakake

minangka kauhuraning Gusti lan minangka
cihnaning legawane atiku.
20 Sabab aku kabeh padha arep nyingkiri
bab iki: yen ana wong kang nacad anggonku
nindakake ayahan sih-katresnan kang wohe
akeh banget iku. 21 Awit aku padha mrelokake
kang utama, ora mung ana ing ngarsane Gusti
bae, nanging uga ana in ngareping wong.
22 Karodene wong loro mau padha
dakkantheni sadulur kita, kang wus dakteter
lan kacihna anggone tansah mbudidaya
mbiyantu, lan saiki saya banget anggone
mbudidaya marga saka gedhening piandele
marang kowe. 23 Dene Titus, iku kancaku
lan rewangku nyambut-gawe kanggo kowe;
lan sadulur-sadulurku liyane iku padha
dadi utusaning pasamuwan-pasamuwan
lan minangka kaluhurane Sang Kristus.
24 Awit saka iku chinaning katresnanmu lan
panglembanaku marang kowe kabeh iku
tuduhna marang para sadulur mau ana ing
ngareping pasamuwan-pasamuwan.

Nglumpukake dana kanggo Yerusalem

9:1-5

9 1 Dene bab leladen marang para suci
ora susah aku nulis maneh marang
kowe. 2 Sabab aku wus sumurup mungguh
legawaning atimu, mulane kowe padha
dakalembana ana ing ngarepe wong
Makedhonia. Tembungku: “Akhaya wus
cecawis wiwit taun kang kapungkur.” Lan

kasregepanmu wus dadi pangatag-atag
tumrap wong akeh. 3 Nanging anggonku
kongkonan sadulur-sadulur iku supaya
pangalembanaku marang kowe aja nganti
tinemu tanpa guna, nanging supaya tetelaa
anggonmu nyata-nyata cecawis kaya kang
wus dakkandhakake, 4 supaya, manawa wong-
wong Makedhonia teka bareng karo aku, aja
nganti nyumurupi anggonmu durung cecawis,
satemah aku kabeh -- supaya ora ngarani
kowe kabeh -- rumangsa padha kawirangan
ing bab kayakinanku iku. 5 Mulane dakpikir
prelu, yen sadulur-sadulur iku dakpurih
mangkat dhisik, supaya bisa ngurus dhisik
paweweh kang wus dadi kasaguhanmu biyen,
temahan mengko wus cumawis minangka
tandha-buktine kamurahaning atimu lan dudu
paweweh peksan.

Weweh kanthi suka-rila
iku nggawa berkah

9:6-15

6 Iki gatekna: Wong kang nyebar sathithik,
bakal ngeneni sathithik, lan wongkang nyebar
akeh, bakal ngeneni akeh. 7 Saben wong
pawewehe dikaya kang dadi rilaning atine, aja
kanthi sedhih utawa marga kapeksa, awit Gusti
Allah iku ngasihi wong kang pawewehe kanthi
suka-rila. 8 Lan Gusti Allah kuwaos ngluberake
sawernaning sih-rahmat marang kowe kabeh,
supaya kowe padha tansah kacukupan ing
samubarang lan padha linuwihna anggonmu

nglakoni sarupaning panggawe becik. 9 kaya
kang katulisan:

"Panjenengane ngedum-edum,
Panjenengane maringi marang wong miskin,
kaadilane tetep ing salawas-lawase."

10 Panjenengane kang nyawisake winih kanggo
kang nyebar, lan roti kanggo pangan, iku uga
bakal nyawisi winih marang kowe lan ditikelake
sarta nuwuhake pametuning kabeneranmu;
11 kowe bakal disugihake ing sarupaning
kamurahaning ati kang nuwuhake pangucap
sokur konjuk marang Gusti Allah marga
saka aku. 12 Awit ayahan katresnan kang isi
pitulungan iki ora mung nyukupi kabutuhane
para suci bae, nanging uga ngluberake pamuji
sokur marang Gusti Allah. 13 Lan marga saka
anggonmu mantep ing sajroning leladi iki,
wong iku padha ngluhurake Gusti Allah awit
saka sumuyuding panganggepmu marang
Injile Sang Kristus lan marga saka murahing
atimu ing bab anggonmu ngedum samubarang
karo wong-wong iku lan karo wong kabeh.
14 Sarta maneh kowe iya padha didongakake
lan dikangeni marga saka sih-rahmate Gusti
Allah kang lumuber marang kowe. 15 Puji sokur
konjuk marang Gusti Allah marga saka sih
peparinge kang ora kena winirasa iku!

Rasul Paulus ngekahi wewenanging karasulane

10:1-11

10 1 Aku Paulus, wong kang ora wani apa-
apa yen adu-arep karo kowe, nanging
wani marang kowe yen adoh, aku ngelingake
kowe demi Sang Kristus kang alus panggalihe
lan rumaket. 2 Panjalukku marang kowe: kowe
aja meksa aku ngatonake kuwanenku ana ing
ngarepmu kayadene niyatku arep tumindak
keras marang wong-wong saweneh kang ngira
manawa uripku iku padha nurut kadagingan.
3 Aku kabeh iki pancen isih urip ana ing donya,
nanging aku ora padha perang cara kadonyan,
4 awit gegamaning perangku iku dudu
gegaman kadonyan, nanging gegaman kang
kadunungan panguwaosing Allah, kang bisa
njugrugake baluwarti. 5 Aku padha nyirnakake
othak-athiking budi lan saben tanggul kang
diedegake dening kumalungkunging manungsa
kanggo ngalang-alangi pangawruh marang
Allah, sarta padha mbandhangi sarupaning
pangangen-angen, daktelukake marang Sang
Kristus, 6 apamaneh aku padha rumanti
bakal ngukum sakehing duraka, manawa
pamanutmu wus dadi sampurna.

7 Sawangen kang temenan apa kang katon!
Yen ana wong kang yakin temenan, manawa
dadi kagungane Sang Kristus, iku supaya
mikir ing sajroning atine, yen aku uga padha
dadi kagungane Sang Kristus kaya dheweke.

8 Malah yen aku rada keladuk anggonku
ngegungake wewenang kang diparingake
dening Gusti marang aku kabeh kanggo
mbangun, ora kanggo ngrusak kowe, aku
ora bakal wirang. 9 Nanging aku emoh yen
katone kaya-kaya aku arep medeni kowe
srana layang-layangku. 10 Awit, guneme
wong, layang-layange pancen anteb lan keras,
nanging yen adu-arep katon ora sapiraa lan
tembung-tembunge remeh. 11 Nanging wong
kang kandha mangkono iku kudune mangreti
manawa anggonku tumindak samasa adu-
arep, padha bae karo tembung-tembungku ing
layang-layangku, samasa aku ora adu-arep.

Pamanggihe Rasul Paulus tumrap sarirane piyambak

10:12--11:6

12 Pancen aku padha ora wani nggolongake
utawa nandhing awakku karo wong-wong
kang ngalem awake dhewe. Wong iku ngukur
awake nganggo ukurane dhewe lan nandhing
awake mung karo awake dhewe. Bodho banget
wong iku! 13 Kosokbaline aku padha ora gelem
ngegungake dhiri nganti ngluwihi wates,
nanging mung tetep ing sajroning watesing
ayahan kang wus katetepake dening Gusti
Allah kanggo aku kabeh, nganti tekan ing
kowe uga. 14 Sabab anggonku martakake Injile
Sang Kristus wus tekan ing panggonanmu,
dadine aku ora ngliwati watese wilayahing
pagaweanku kaya-kaya durung tekan ing

panggonanmu. 15 Aku ora padha ngegungake
pagawean kang dilakoni dening wong liya,
ana ing wilayah pagawean kang ora kanggo
aku, nanging pangarep-arepku, manawa
pracayamu saya mundhak, aku bakal oleh
pakurmatan luwih gedhe maneh ana ing
antaramu, yen katandhing karo wilayah
pagawean kang katemtokake kanggo aku.
16 Iya, uripku iki pancen supaya padha bisa
martakake Injil menyang ing laladan kang
luwih adoh katimbang karo laladanmu, lan ora
ngegung-egungake wohing pagawean kang
wus katindakake dening liyan ana ing wilayahe
kono dhewe.
17 "Nanging sapa kang ngegung-egungake,
iku ngegungna ing Pangeran." 18 Awit dudu
wong kang ngalem awake dhewe kang
tanggon, nanging wong kang dialem dening
Pangeran.

11 1 Iba becike yen kowe padha sabar
ing bab anggonku tanpa budi ing
sawatara iku. Pancen kowe padha nyabari
marang aku! 2 Sabab aku butarepan ing
ngatase kowe kalawan butajenganing Allah.
Awit kowe wus padha dakpacangake karo
wong lanang, kang nuntun kowe kayadene
prawan suci marang Sang Kristus. 3 Nanging
aku sumelang bokmanawa angen-angenmu
kasasarke saka kasetyanmu kang sejati
marang Sang Kristus, padha kaya Ibu Kawa
kablithuk dening ula sarana kajuligane. 4 Awit
kowe mung sabar bae yen ana wong teka
martakake Gusti Yesus kang beda karo apa

kang wus dakwartakake, utawa aweh roh
kang beda karo kang wus koktampani utawa
Injil kang beda karo kang wus koktampani.
5 Nanging manut panemuku sathithik bae
aku ora kalah karo rasul-rasul kang pinunjul
iku. 6 Dadia aku cupet ing pamicara, nanging
ora mangkono ing bab kawruh, awit iku
saben-saben lan ing sadhengaha prakara wus
padha dakpratelakake marang kowe.

Rasul Paulus ora nggalih marang sarirane piyambak

11:7-33

7 Apa aku kaluputan manawa aku ngasorake
awakku dhewe kanggo ngluhurake kowe,
marga aku martakake Injile Gusti Allah
marang kowe tanpa pituwas? 8 Pasamuwan-
pasamuwan liya wus dakrampog srana
nampani pitulunge, supaya aku bisa ngladeni
kowe! 9 Karomaneh nalika aku ana ing
tengah-tengahmu nandhang kakurangan,
aku ora gawe rubeding wong, awit apa kang
kurang wus dicukupi dening para sadulur
kang teka saka ing tanah Makedhonia. Ing
samubarang prakara dakjaga aja nganti dadi
gawemu, lan sateruse aku bakal mangkono.
10 Demi kaleresane Sang Kristus kang ana
ing aku, dakantebake kandhaku manawa
panggunggungku iku ora bakal kaalang-
alangan dening wong ana ing tlatah-tlatah
Akhaya. 11 Sababe apa ora? Apa marga aku

wus ora tresna marang kowe? Gusti Allah kang
nguningani.
[12] Nanging apa kang daktindakake bakal
dakterusake kanggo nyegah marang wong
kang padha golek jalaran kanggo nuduhake,
yen padha kaya aku sakanca ing sajroning
prakara kang bisa diegung-egungake. [13] Awit
wong-wong kang mangkono iku rasul-rasul
palsu, wong kang padha tumindak cidra,
kang rewa-rewa dadi rasule Sang Kristus.
[14] Prakara iku ora nggumunake, sabab
Iblis uga mindha-mindha dadi malaekating
Pepadhang. [15] Dadi dudu prakara kang aneh,
manawa batur-bature uga mindha-mindha
dadi abdi-abdine kabeneran. Kawusanane
bakal cundhuk karo panggawene.
[16] Dakbaleni maneh: aja ana wong kang
ngarani aku tanpa budi. Dene manawa kowe
uga nganggep mangkono, aku tampanana
kayadene wong kang tanpa budi, supaya
aku bisa gumunggung sawatara. [17] Apa kang
dakkandhakake, iku anggonku ngandhakake
ora kaya wong kang calathu manut
pangandikaning Allah, nanging kayadene wong
kang tanpa budi, kang nduweni kayektenan
manawa bisa ngalembana. [18] Awit akeh
wong kang nglairake panggunggung cara
kadagingan, aku kapengin ngalembana uga.
[19] Sabab kowe padha gelem nyabari wong
kang tanpa budi, marga kowe iku padha
pinter. [20] Awit kowe sabar, manawa ana
wong nganggep kowe batur tukon, manawa
ana wong meres kowe, manawa ana wong

ngereh kowe, manawa ana wong ngetokake
gumunggunge marang kowe, manawa ana
wong napuk kowe. 21 Aku kudu ngakoni
kalawan isin banget, yen ing bab kang kaya
mangkono iku aku kabeh padha apes.
Sanadyan mangkono manawa ana wong kang
wani ngegung-egungake sawijining prakara --
calathuku iki ing sajroning kabodhoanku --
aku iya wani uga! 22 Apa wong-wong iku wong
Ibrani? Aku iya wong Ibrani! Apa wong-wong
iku wong Israel! Aku iya wong Israel! Apa
wong-wong iku trahe Rama Abraham? Aku iya
trahe Rama Abraham! 23 Apa wong-wong iku
abdine Sang Kristus? -- calathuku iki kaya
wong gemblung -- aku luwih maneh! 24 Aku
digebugi dening wong Yahudi kaping patang
puluh kurang siji nganti ambal kaping lima,
25 aku disapu ambal kaping telu, aku dibenturi
watu apisan, kaping telu aku nunggang prau
kerem, sadina sawengi aku kompal-kampul
ana ing tengah sagara. 26 Lakuku kerep
diancam ing bebaya banjir lan ing bebaya
begal, bebaya saka wong Yahudi lan saka
wong-wong kang dudu wong Yahudi, bebaya
ana ing kutha, bebaya ana ing pasamunan,
bebaya ana ing tengah sagara, lan bebaya
saka kang padha mindha-mindha sadulur.
27 Aku kerep rekasa lan nyambut gawe abot;
aku kerep melek; luwe lan ngelak, aku kerep
pasa, katisen lan kawudan 28 lan ora susah
nyebutake prakara liyane maneh, urusanku
sadina-dina, yaiku ngopeni pasamuwan kabeh.
29 Yen ana wong rumangsa apes, apa aku

ora rumangsa melu apes? Yen ana wong
kesandhung, apa atiku ora remuk dening
sedhih?
30 Manawa ana prelune aku kudu
gumunggung, aku bakal gumunggung ing
bab kaapesanku. 31 Gusti Allah Ramane
Gusti Yesus, Gusti kita, kang pinuji nganti
salawas-lawase, pirsa, manawa aku oar goroh.
32 Ana ing kutha Damsyik wali-nagarane Sang
Prabu Aretas ndhawuhake njaga kuthane
wong-wong Damsyik, karsane nyepeng aku.
33 Nanging aku kaudhunake nganggo kranjang
metu ing cendhela, menyang sajabane
baluwarti, temah aku oncat saka ing astane.

Rasul Paulus tampi tetingalan lan wahyu

12:1-10

12 1 Aku kudu gumunggung, sanadyan iku
pancen ora ana paedahe, ewasamono
aku arep martakake bab tetingalan lan
wahyu-wahyu kang daktampa saka Gusti
Allah. 2 Aku weruh sawijining wong Kristen;
patbelas taun kapungkur -- embuh ing
sajroning badan, aku ora mangreti, embuh
ing sajabaning badan, aku ora ngreti, Gusti
Allah kang nguningani -- wong iku dumadakan
diangkat menyang ing tataran kang katelu ing
swarga. 3 Aku iya weruh wong iku, -- embuh
ing sajroning badan embuh ing sajabaning
badan, aku ora ngreti, Gusti Allah kang
nguningani -- 4 dumadakan diangkat menyang
ing Pirdus lan dheweke krungu pangandika

kang ora kena dikandhakake, kang ora kena
kaucapake dening manungsa. 5 Iya wong iku
kang dakegung-egungake, nanging awakku
dhewe ora bakal dakegung-egungake, kajaba
mung bab kaapesanku. 6 Awit saupamane aku
arep ngegungake awak, aku ora bakal tanpa
budi maneh, awit aku ngandelake kabeneran.
Nanging atiku dakpekak, supaya aja ana wong
kang ngukur awakku luwih saka apa kang
dideleng ana ing aku utawa kang dirungu saka
aku.
7 Lan supaya aku aja ngunggul-unggulake
awak marga saka anane wahyu-wahyu kang
linuwih iku, aku banjur kaganjar eri ing
dagingku, yaiku sawijining kongkonane Iblis
kang dikon mbitheni aku, supaya aku aja
nganti ngunggul-unggulake awak. 8 Mungguh
bab iku aku wus kaping telu ngaturake
panyuwun marang Gusti, supaya kongkonane
Iblis iku sumingkira saka aku. 9 Nanging
paring wangsulane Gusti marang aku: “Sih-
rahmatingSun iku nyukupi marang sira, awit
kuwasaningSun iku malah kasampurnakake
ana ing sajroning kaapesan.” Awit saka iku aku
luwih seneng ngegung-egungake kaapesanku,
supaya panguwaose Sang Kristus dumunung
ana ing aku. 10 Mulane aku seneng lan rila ana
ing kaapesanku, ing sajroning kasiksa, ing
karibedan, ing panguya-uya lan karupekan
marga saka Sang Kristus. Awit yen aku apes,
iku aku kuwat.

Was-sumelange Rasul Paulus

12:11-21

11 Aku wus dadi tanpa budi temenan,
nanging kowe kang padha meksa marang
aku. Benere aku kokalembana. Awit sanadyan
aku ora ana tegese babar pisan, nanging
ing samubarang kabeh aku ora kalah karo
para rasul kang pinunjul iku. 12 Titikane
yen aku dadi rasul iku wus kacihna ana ing
antaramu kalawan sakehing sabar-mantep,
kalawan pratandha-pratandha, mukjijat-
mukjijat lan kasekten-kasekten. 13 Sabab
kakuranganmu apa yen katandhing karo
pasamuwan-pasamuwan liyane kajaba mung
saprakara, yaiku manawa aku dhewe ora
nganti dadi gawemu? Anggonku ora adil iki
apuranen! 14 Satemene iki wus kang kaping
telune anggonku cecawis arep nemoni kowe,
lan aku ora bakal dadi gawemu. Awit dudu
barang darbekmu kang dakgoleki, nanging
kowe dhewe. Marga dudu anak-anak kang
padha wajib nglumpukake bandha kanggo
wong tuwane, nanging wong tuwa kanggo
anak-anake. 15 Awit saka iku aku kalawan
bungah ngetohake barang darbekku, malah
ngetohake awakku kanggo kowe kabeh. Dadi
manawa aku banget tresnaku marang kowe,
masa iya saya suda anggonku ditresnani?
16 Ya pancen mangkono, aku dhewe ora
dadi gawemu, nanging kandhamu, sarehne
aku iki julig, kowe dakpikat kalawan akal.

17 Dadi apa wus tau aku njupk kauntungan
saka kowe lumantar sawijining wong saka
ing antarane wong-wong kang dakkongkon
nemoni kowe? 18 Pancen aku wus njaluk tulung
marang Titus supaya mangkat lan aku banjur
akon sadulur liyane iku supaya ngancani
dheweke. Apa Titus njupuk kauntungan saka
kowe? Apa aku sakloron ora lumaku manut
roh kang padha, lan apa aku sakloron ora
lumaku manut cara kang padha? 19 Wus
kepara suwe anggonmu padha ngira, manawa
aku bakal mbenerake awakku dhewe ana
ing ngarepmu. Nanging aku kandha ana ing
ngarsane Gusti Allah lan demi Sang Kristus,
yen kabeh iku, sadulur-sadulur kang kinasih,
tumindake kanggo mbangun pracayamu.
20 Awit aku sumelang, manawa besuk samasa
aku teka, kowe ora padha tinemu kaya kang
dakkarepake lan kowe ketemu aku oa kaya
kang padha kokkarepake. Aku sumelang ing
bab anane pasulayan, kamerenan, brangasan,
mung mikir awake dhewe, pitenah, panyatur
ala, kumenthus, lan rerusuh. 21 Aku sumelang
manawa aku teka maneh, Allahku bakal
ngesorake aku ana ing ngarepmu, sarta aku
bakal ngrudatin awit dening wong akeh kang
ing wektu kapungkur padha nglakoni dosa lan
aku bakal susah banget, marga anane wong
akeh, kang dhek biyen padha nglakoni dosa
mangka durung mratobat, ninggal panggawe
kang jember, laku jina lan pamblunthah kang
padha dilakoni.

Pitutur-pitutur pungkasan

13:1-10

13 [1] Iki kang kaping telune anggonku
nemoni kowe: Sahing prakara iku
manawa wus ana katrangane saksi loro
utawa telu. [2] Para wong kang ing wektu kang
kapungkur padha nglakoni dosa, lan sakehe
wong liyane, wus dakkandhani luwih dhisik
lan bakal dakkandhani sapisan engkas --
saiki sajrone aku adoh karo kowe kabeh
padha kaya nalika tekaku kang kapindho
-- manawa aku teka maneh aku ora bakal
ngeman sapa bae. [3] Marga kowe kapengin
tandha yekti, yen Sang Kristus ngandika
lumantar aku. Lan Panjenengane iku ora
apes ana ing ngarepmu, malah nindakake
panguwaose ana ing antaramu. [4] Sabab
sanadyan Panjenengane wus kasalib marga
saka kaapesan, nanging gesang awit saka
panguwaose Gusti Allah. Pancen aku kabeh
iki apes ana ing Panjenengane, nanging bakal
padha urip bebarengan karo Panjenengane
marga saka panguwaose Gusti Allah kanggo
kowe. [5] Dadaren awakmu dhewe, apa kowe
padha lestari dumunung ing pracaya. Titinen
awakmu! Apa kowe ora yakin tumraping
awakmu, manawa Sang Kristus Yesus
dumunung ana ing kowe? Awit yen ora
mangkono, kowe dadi tampikan. [6] Nanging
pangarep-arepku, kowe bakal padha sumurup
manawa dudu aku kang padha dadi tampikan.

[7] Pandongaku marang Gusti Allah, supaya
kowe aja nindakake piala, ora supaya aku
padha katitika kanggo, nanging supaya kowe
padha nglakonana apa kang becik, sanadyan
aku dhewe katona padha kaya dadi tampikan.
[8] Marga aku kabeh padha ora bisa nglakoni
apa-apa kang nyulayani kabeneran, nanging
kang bisa daklakoni yaiku kang cundhuk karo
kabeneran. [9] Awit aku padha bungah, manawa
aku apes lan kowe padha rosa. Dene kang
padha daksuwun, yaiku supaya kowe dadi
sampurna. [10] Yaiku sababe anggonku sapisan
iki nulis saka ing kadohan, supaya manawa
aku mengko ana ing antaramu, aku ora
kapeksa tumindak kereng miturut wewenang
kang kaparingake dening Gusti marang aku,
kanggo mbangun, ora kanggo ngrusak.

Salam

13:11-13

[11] Wasana, para sadulurku, padha bungaha,
udinen supaya awakmu sampurna. Tampanana
sakehing pituturku. Padha disarujuk, lan
padha olaha atut-rukun, temahan Gusti Allah
etuking sih katresnan lan tentrem-rahayu
bakal nunggil karo kowe!
[12] Padha sesalamana kalawan pangambung
suci. [13] (13-12b) Sakehe para suci kirim salam
marang kowe kabeh.
[14] (13-13) Sih-rahmate Gusti Yesus Kristus,
lan sihe Gusti Allah tuwin patunggilane Sang
Roh Suci, anaa ing kowe kabeh!

GALATI

Salam

1:1-5

1 [1] Saka Paulus, rasul kang ora awit saka
manungsa, uga ora dening manungsa,
nanging dening Gusti Yesus Kristus lan Gusti
Allah, Sang Rama, kang wus mungokake
Panjenengane saka ing antarane wong
mati, [2] lan saka sakehe sadulur kang dadi
kanthiku, marang pasamuwan-pasamuwan
ing tanah Galati: [3] Sih-rahmat anaa ing kowe
lan tentrem-rahayu saka Gusti Allah, Rama
kita, lan saka Gusti Yesus Kristus, [4] kang wus
masrahake sarirane krana dosa-dosa kita,
supaya kita diluwarana saka ing jagad ala
kang saiki iki, manut karsane Gusti Allah
lan Rama kita, [5] kang sayogya kaluhurna ing
salawas-lawase! Amin.

Mung ana Injil siji

1:6-10

[6] Aku gumun, dene kowe enggal temen
padha nyingkur Panjenengane, kang marga
sih-rahmate Sang Kristus wus nimbali kowe,
sarta banjur kelu marang injil liyane, [7] kang
satemene dudu Injil; mung ana wong sawatara
kang mbingungake kowe lan kang sumedya

nginger-inger Injile Sang Kristus. 8 Nanging
sanadyan, ta, aku kabeh, utawa sawijining
malaekat saka ing swarga martakake marang
kowe injil kang beda karo Injil kang wus padha
dakwartakake marang kowe, iku kenaa ing
laknat! 9 Kaya anggonku wus padha mituturi
biyen, saiki iku dakkandhakake sapisan
maneh: manawa ana wong kang martakake
marang kowe kabeh injil kang beda karo kang
wus koktampani, iku kenaa ing laknat! 10 Dadi
kapriye saikine: kang dakgoleki iku karepe
manungsa apa karsane Gusti Allah? Apa aku
ngudi gawe senenge manungsa? Saupama aku
isih kapengin gawe senenge manungsa, dadi
aku dudu abdine Sang Kristus.

Bab kapriye anggone Rasul Paulus dadi rasul

1:11-24

11 Amarga kowe padha daksumurupake,
sadulur-sadulur, mungguh Injil kang
dakwartakake iku dudu injiling manungsa.
12 Awit anggonku nampani ora saka manungsa,
lan iya dudu manungsa kang mulangake
bab iku marang aku, nanging marga saka
pamangsite Gusti Yesus Kristus. 13 Sabab
kowe wus padha krungu bab uripku biyen ana
ing wewengkone agama Yahudi: luwih dening
banget anggonku nguya-uya lan ngrusak
Pasamuwaning Gusti Allah. 14 Lan ing bab
agama Yahudi aku ngluwihi kanca-kanca
barakanku kang akeh-akeh ing antarane

bangsaku; aku dadi wong kang sregep
banget ngleluri adat-tata-carane para
leluhurku. 15 Nanging bareng Panjenengane,
kang wus miji aku wiwit aku isih ana ing
guwagarbaning ibuku, lan nimbali aku marga
saka sih-rahmate, 16 kepareng mbabarake
Kang Putra ana ing aku, supaya aku
martakake Panjenengane ana ing antarane
bangsa-bangsa kang dudu bangsa Yahudi, aku
ora njaluk tetimbanganing manungsa; 17 aku
uga ora lunga menyang Yerusalem nemoni
para wong kang wus dadi rasul sadurunge
aku, nanging aku menyang tanah Arab, lan
saka ing kono bali maneh menyang ing kutha
Damsyik. 18 Sawuse telung taun aku banjur
menyang Yerusalem prelu nemoni Kefas, lan
aku nginep ing omahe limalas dina. 19 Nanging
aku ora ketemu rasul liyane siji-sijia, kajaba
Yakobus, sadhereke Gusti. 20 Aku ora goroh
ana ing ngarsane Gusti Allah, apa kang
daktulis iki temenan. 21 Sawise iku aku banjur
menyang ing laladane tanah Siria lan Kilikia.
22 Nanging pasamuwan-pasamuwane Sang
Kristus ing Yudea tetep ora padha sumurup
marang rupaku. 23 Mung padha krungu, yen
wong kang biyen nguya-uya wong-wong
mau, saiki martakake iman kang biyen diarah
sirnane. 24 Lan wong-wong mau banjur padha
ngluhurake Gusti Allah marga saka aku.

Rasul Paulus diakoni dening para rasul

2:1-10

2 [1] Sawuse mangkono, bareng wus luwih
saka patbelas taun, aku menyang
Yerusalem maneh karo Barnabas, dene Titus
uga dakajak. [2] Anggonku mrana mau awit
saka kaparingan wangsit. Lan sadulur-sadulur
ing kono padha dakkandhani bab Injil kang
dakwartakake ana ing antarane para bangsa
dudu bangsa Yahudi -- sajroning rerembugan
dhewekan karo para kang kajen keringan
--, supaya aja nganti tanpa gawe anggonku
mbudi-daya lan wus mbudi-daya iku. [3] Nanging
Titus kang bebarengan karo aku iku, sanadyan
ta wong Yunani, ewasamono ora dipeksa tetak.
[4] Pancen ana pandhesek saka sadulur-sadulur
palsu kang padha nyusup mlebu, yaiku kang
nyusup saprelu ngulat-ulatake kamardikan
kita kang kita duweni ana ing Sang Kristus
Yesus, supaya kanthi mangkono padha bisa
ngawulakake kita. [5] Nanging sathithik bae
aku padha ora gelem mundur lan emoh
teluk marang wong-wong mau, supaya
kayektene Injil bisa tetep ana ing kowe.
[6] Lan mungguh para wong kang kaanggep
kajen keringan iku -- kapriye mungguh
kelenggahane biyen, iku ora prelu tumrap
aku, sabab Gusti Allah ora mawas wong
kang kajen iku ora mbubuhi apa-apa maneh
marang aku. [7] Nanging kosokbaline, sawuse
wong-wong iku padha ngreti manawa aku wus

dipracaya martakake Injil marang wong-wong
kang ora tetak, padha kaya Petrus kanggo
wong-wong kang tetak [8] -- awit Panjenengane
kang wus maringi kakuwatan marang Petrus
minangka rasul tumrap wong-wong kang
tetak, -- Panjenengane uga kang wus maringi
kakuwatan marang aku kanggo wong-wong
kang ora tetak. [9] Lan sawuse nyumurupi
sih-rahmat kang kaparingake marang aku,
Yakobus, Kefas lan Yokanan, kang kaanggep
padha dadi saka-guruning pasamuwan, banjur
sesalaman karo aku lan Barnabas minangka
pratandhaning patunggalan, supaya aku
maranana marang wong-wong kang ora
tetak, lan dheweke padha marang para wong
tetakan; [10] mung aku kabeh kudu tansah
eling marang wong-wong miskin lan pancen
iya iku kang padha dakprelokake kalawan
temen-temen.

Rasul Paulus mabeni Rasul Petrus

2:11-14

[11] Nanging nalika Kefas teka ing Antiokhia,
tanpa tedheng aling-aling dakpadoni, sabab
dheweke luput. [12] Awit sadurunge ana wong
sawatara saka golongane Yakobus teka,
dheweke kembul mangan karo sadulur-sadulur
kang ora tetak, nanging satekane wong-wong
mau, dheweke mundur lan misah marga wedi
marang sadulur kang tetak. [13] Lan para wong
Yahudi liyane uga melu-melu tumindak lamis
kaya dheweke, dalah Barnabas dhewe iya

banjur kelu. [14] Nanging bareng aku ngreti
tumindake iku ora cocog karo kayektene Injil,
aku pitutur marang Kefas ana ing sangarepe
wong kabeh: "Manawi panjenengan, tiyang
Yahudi, gesang kadosdene tiyang ingkang
boten tepang kaliyan Gusti Allah tuwin
boten kados tiyang Yahudi, kadospundi dene
panjenengan kok badhe meksa sadherek-
sadherek ingkang boten tetak supados gesang
kados tiyang Yahudi?"

Bab kang baku, uga kanggo wong Kristen turunan Yahudi

2:15-21

[15] Kita sadaya punika tiyang Yahudi asli sanes
tiyang dosa saking bangsa-bangsa sanes.
[16] Panjenengan sami nguningani bilih boten
wonten tiyang satunggal-satunggala kemawon
ingkang kaanggep leres margi saking
nglampahi angger-anggering Toret, nanging
namung amargi pitados dhumateng ing Sang
Kristus Yesus. Pramila kita ugi sampun pitados
dhumateng Sang Kristus Yesus, supados
kita sami kaanggep leres, amargi saking
pitados dhumateng Sang Kristus lan boten
margi saking nglampahi angger-anggering
Toret. Awit: "boten wonten tiyang satunggal-
satunggala ingkang kaanggep leres", amargi
nglampahi angger-anggering Toret. [17] Nanging
manawi kita piyambak ing salebeting ngudi
supados kaanggep leres wonten ing Sang
Kristus punika nyatanipun tiyang-tiyang dosa,

punapa punika lajeng ateges bilih Sang Kristus
punika dados paladosing dosa? Babar pisan
boten. 18 Awit manawi kula mbangun malih
punapa ingkang sampun kula risak, punika
kula ngatingalaken manawi kula punika nerak
angger-anggering Toret. 19 Awit kula sampun
pejah margi saking anggger-anggering Toret
kangge angger-anggering Toret supados kula
gesang kagem Gusti Allah. Kula sampun
ndherek kasalib kaliyan Sang Kristus,
20 nanging kula gesang, namung kemawon
sanes kula piyambak malih ingkang gesang,
namung Sang Kristus ingkang gesang wonten
ing kula. Wondene gesang kula ingkang kula
sandhang ing daging sapunika, punika gesang
margi saking pitados dhumateng Putraning
Allah ingkang sampun ngasihi kula saha
sampun masrahaken sariranipun kangge kula.
21 Kula boten nampik sih-rahmatipun Gusti
Allah. Awit saupami wonten kaleresan amargi
saking angger-anggering Toret, sedanipun
Sang Kristus punika tanpa gina.

Kabenerake marga saka iman

3:1-14

3 1 He wong Galati kang tanpa budi, sapa
ta kang mblithuk kowe? Gusti Yesus
Kristus kang kasalib iku rak wus kagambar
kanthi cetha wela-wela ana ing ngarepmu ta?
2 Mung iki kang arep dakngreteni saka kowe:
Apa anggonmu wus padha nampani Roh iku
marga saka nglakoni angger-anggering Toret,

apa marga saka pangundhanging pracaya?
3 Nganti samono anggonmu padha tanpa budi.
Kowe wus miwiti kalawan Roh, apa kowe
saiki arep mungkasi kalawan daging? 4 Apa
muspra kabeh kang wus padha kokalami
kang samono akehe iku? Masa yen muspra!
5 Dadi kapriye saikine, apa Panjenengane
kang maringi Roh marang kowe nganti luber
lan nindakake mukjijat ana ing antaramu,
anggone nindakake mangkono iku, apa marga
kowe nglakoni angger-anggering Toret apa
marga saka pangundhanging pracaya?
6 Iya kanthi patrap mangkono iku anggone
Rama Abraham kumandel marang Gusti Allah,
sarta yaiku kang dening Gusti Allah njalari
banjur kaanggep bener. 7 Dadi kowe ngreti
manawa wong-wong kang urip saka pracaya
iku padha dadi putrane Rama Abraham. 8 Lan
Kitab Suci, kang sadurunge wus sumurup
manawa Gusti Allah nganggep bener marang
wong-wong kang dudu wong Yahudi marga
saka pracaya, wus luwih dhisik martakake
injil marang Rama Abraham: "Iya ana ing
sira kabeh bangsa bakal diberkahi." 9 Dadi
wong-wong kang urip saka pracaya, iya
iku kang padha diberkahi bebarengan karo
Rama Abraham kang kumandel iku. 10 Awit
kabeh wong, kang uripe saka ayahane
angger-anggering Toret iku kabawah ing
laknat, sabab ana tulisan mangkene: "Kenaa
ing laknat wong kang ora setya anggone
nglakoni samubarang kang katulis ana ing
kitab angger-anggering Toret." 11 Lan iya

wus cetha yen ora ana wong kang kaanggep
bener ana ngarsane Gusti Allah marga saka
nglakoni angger-anggering Toret, awit: “Wong
kang kaanggep bener iku bakal urip marga
saka pracaya.”
12 Awit angger-anggering
Toret iku dhasare dudu iman, nanging sapa
kang nglakoni angger-angger, iku bakal urip
dening angger-angger.
13 Sang Kristus wus
nebus kita saka laknate angger-anggering
Toret srana dadi laknat piyambak marga saka
kita, sabab ana tulisan mangkene: “Kenaa
ing laknat saben wong kang digantung ing
kayu salib iku!”
14 Kalawan mangkono iku
berkahe Rama Abraham ana ing Gusti Yesus
Kristus tumeka marang bangsa-bangsa liya,
supaya kita marga saka pracaya bisa nampani
prasetyaning Roh.

Angger-anggering Toret apa prasetya

3:15-29

15 Para sadulur, becike aku dakngangggo
conto padinan. Sawijining wasiyat kang wus
kaabsahake iku, sanadyan ta saka manungsa,
ora ana wong kang bisa mbatalake utawa
nambahi.
16 Anadene kabeh prasetya iku
kapangandikakake marang Rama Abraham lan
marang turune. Panjenengane ora ngandika:
“Marang turun-turune” kang kaya-kaya
ateges wong akeh, nanging mung wong siji:
“lan marang turunmu”, yaiku Sang Kristus.
17 Karepku yaiku prasetya kang sadurunge wus
kaabsahake dening Gusti Allah iku ora bisa

dibatalake dening angger-anggering Toret,
kang lagi ana sawuse patang atus telung puluh
taun, nganti prasetya iku ilang kakuwatane.
18 Sabab manawa kang kaabsahake dening
Gusti Allah iku asale saka angger-anggering
Toret, mesthine asale ora saka prasetya;
nanging malah marga saka prasetya Gusti
Allah wus maringake sih-rahmate marang
Rama Abraham. 19 Lha yen mangkono apa
tegese angger-anggering Toret iku? Iku
ditambahake awit saka anane panerak-
panerak nganti rawuhe turun kang dikarepake
ing prasetya iku -- lan angger-anggering Toret
iku kaparingake lumantar malaekat-malaekat
marang astane sawijining pantara. 20 Dene
sawijining pantara iku ora mung dadi wakile
wong siji bae, mangka Gusti Allah iku siji.
21 Lha yen mangkono apa angger-anggering
Toret iku sulaya karo kabeh prasetyaning
Allah? Babar pisan ora. Sabab saupama
angger-anggering Toret kang kaparingake
iku bisa nguripake, mesthine kabeneran
iku pancen tuwuh saka angger-anggering
Toret. 22 Nanging Kitab Suci wus nggolongake
samubarang kabeh marang pamengkuning
dosa, supaya awit saka pracaya marang Gusti
Yesus Kristus prasetya mau kaparingake
marang wong kang padha pracaya. 23 Nanging
sadurunge tekane pracaya iku, kita kawengku
ing pangreksaning angger-anggering Toret,
kakurung nganti pracaya iku wus kalairake.
24 Dadi angger-anggering Toret iku minangka
pamomong kita nganti Sang Kristus rawuh,

supaya kita kaanggep bener marga saka
pracaya. 25 Nanging saiki pracaya iku wus
teka, dadine kita wus ora kabawah maneh
ing pangreksane pamomong. 26 Sabab marga
saka pracaya marang Gusti Yesus Kristus kowe
padha dadi putrane Gusti Allah. 27 Awit kowe
kabeh, kang padha kabaptis ana ing Sang
Kristus, wus padha ngrasuk marang Sang
Kristus. 28 Ing bab iki ora ana wong Yahudi
utawa wong Yunani, ora ana batur tukon
utawa wong mardika, ora ana lanang utawa
wadon, awit kowe kabeh padha dadi siji ana
ing Sang Kristus Yesus. 29 Mangka yen kowe
kagungane Sang Kristus, ateges kowe padha
dadi trahing Rama Abraham lan padha dadi
ahli waris miturut prasetya.

Ora ana pangawula maneh

4:1-11

4 1 Kang dakarepake mangkene: Sajrone
ahli waris durung diwasa, ora ana
bedane sathithik-sathithika karo batur tukon,
sanadyan ta iku kang nduweni samubarang
kabeh. 2 Nanging kawengku ing emban lan
pamomong nganti tumeka ing wektu kang
wus ditemtokake dening bapakne. 3 Samono
uga kita: Sajrone durung diwasa kita tetep
kawengku uga dening para rohing jagad.
4 Nanging bareng wus tekan ing ganepe
mangsa, Gusti Allah ngutus Kang Putra, kang
miyos saka wanita, miyos kawengku ing
angger-anggering Toret, 5 prelu nebus kabeh

kang padha kawengku ing angger-anggering
Toret, supaya kita bisa katrimah dadi putra.
6 Lan sarehne kowe iku padha dadi putra,
mulane Gusti Allah wus ngutus Rohe Kang
Putra marang ing sajroning ati kita, kang
nguwuh: “Abba, Rama!” 7 Dadine kowe kabeh
iku wus dudu batur tukon maneh, nanging
putra; lan yen kowe kabeh iku putra, kowe iku
uga padha dadi ahli-waris marga saka Gusti
Allah. 8 Biyen , nalika kowe durung wanuh
marang Gusti Allah, kowe ngawula marang
allah-allah kang sejatine dudu Gusti Allah.
9 Nanging saiki sawuse kowe wanuh marang
Gusti Allah, malah luwih saka iku, sawuse
kowe ditepangi dening Gusti Allah, kapriye
dene kowe kok mbaleni maneh marang
roh-roh donya kang apes lan papa, sarta arep
wiwit kokkawulani maneh? 10 Kowe padha
netepi dina-dina, sasi-sasi, mangsa-mangsa,
apadene taun-taun. 11 Aku kuwatir yen
kangelanku kanggo kowe iku tanpa tuwas.

Elinga marang pitepungan kita ing sakawit

4:12-20

12 Para sadulur, panjalukku marang kowe,
kowe padha dadia kaya aku, sabab aku
uga wus dadi padha kaya kowe. Durung
tau kowe kaluputan marang aku. 13 Kowe
padha sumurup, manawa aku martakake
Injil marang kowe kang sapisanan iku sabab
awakku lara. 14 Sanadyan kaya mangkono

kaanane awakku, kang dadi pacoban kanggo
kowe kabeh, ewadene ora kokanggep kaya
barang kang ina lan kang njijiki, nanging kowe
wus padha nampani aku padha kaya nampani
malaekate Gusti Allah, malah padha kaya
nampani Sang Kristus Yesus piyambak. 15 Kaya
apa begjamu nalika samana! Lan saiki ana
ngendi kabegjanmu iku? Awit aku bisa nekseni
mungguhing kowe, yen bisaa mangkono, kowe
wus padha nyuplaki mripatmu, kokwenehake
marang aku. 16 Apa aku banjur dadi satrumu,
marga aku mratelakake bab kayekten marang
kowe? 17 Wong-wong iku kanthi mempeng
padha ngudi narik kowe, nanging ora kalawan
tulusing ati, awit karepe bakal ngetokake
kowe, supaya kowe ngeloni marang wong-
wong mau kalawan tumemen. 18 Pancen becik
manawa wong kalawan sregep ngudi nenarik
wong liya ing bab-bab kang becik, anggere
terus mangkono, lan ora mung yen aku lagi
ana ing antaramu bae. 19 He anak-anakku, iya
marga saka kowe aku ngrasakake lara kaya
nglarani maneh, nganti Sang Kristus maujud
cetha ana ing kowe. 20 Kaya apa kangenku
kapengin ana ing tengah-tengahmu ing wektu
iki lan banjur bisa rerembugan kalawan swara
seje, awit aku wus kentekan akal ing ngatase
kowe iku.

Ibu Hagar lan Ibu Sara

4:21-31

21 Coba kandhaa marang aku, he kowe
kang padha kapengin urip kawengku ing
angger-anggering Toret, apa kowe padha ora
ngrungokake angger-anggering Toret? 22 Rak
ana tulisan, yen Rama Abraham iku kagungan
putra loro ta, kang siji saka abdi lan sijine saka
wanita mardika? 23 Nanging putra saka abdi
iku miyose manut tata daging dene putra saka
wanita kang mardika iku awit saka pracaya.
24 Iki sawijining pasemon. Sabab wanita loro
iku mrasemoni prajanjian loro: kang siji kang
asale saka gunung Sinai lan anak-anak padha
batur tukon iku, yaiku Ibu Hagar -- 25 Ibu
Hagar iku yaiku gunung Sinai ing tanah Arab
-- lan padha karo Yerusalem kang saiki, urip
ing pangawulan saanak-anake. 26 Nanging
Yerusalem kaswargan iku wanita kang mardika
lan iya iku ibu kita. 27 Awit ana tulisan:

"Bebungaha, he wong gabug kang ora tau
nglairake!
Bebungaha lan surak-suraka, he kowe kang
ora tau nglarani! Sabab kang ditinggal
bojone, bakal duwe anak luwih akeh
tinimbang kang duwe bojo."

28 Lan kowe para sadulur, kowe padha kaya
Rama Iskak padha dadi putraning prasetyan.
29 Nanging padha kaya biyen, kang kalairake
tata daging, nguya-uya marang kang kalairake
tata Roh, samono uga saiki iki. 30 Nanging

kapriye surasane nas Kitab Suci? “Tundhungen
batur wadon iku saanake, sabab anake batur
wadon iku ora bakal melu kapanduman
warisan karo anake wanita kang mardika iku.”
31 Awit saka iku, sadulur-sadulur, kita iki dudu
anak-anake batur wadon, nanging padha dadi
putra-putrane wanita kang mardika.

Kamardikan Kristen

5:1-15

5 1 Supaya kita mardika temenan, Sang
Kristus wus mardikakake kita. Awit
saka iku ngadega kang jejeg lan aja gelem
maneh dikalungi pasangan pangawulan.
2 Satemen-temene, aku, Paulus pitutur
marang kowe: Manawa kowe tetak, Sang
Kristus bakal ora migunani babar pisan tumrap
kowe. 3 Sapisan maneh dakpituturake marang
saben wong kang tetak, manawa wong iku
wajib nglakoni sakabehing angger-anggering
Toret. 4 Kowe dadine uwal saka Sang Kristus,
manawa kowe ngarah kaanggep bener marga
saka angger-anggering Toret; kowe urip ing
sajabaning sih-rahmat. 5 Marga saka Roh, lan
awit saka pracaya kita nganti-anti marang
kabeneran kang kita arep-arep. 6 Sabab
tumraping wong-wong kang ana ing Sang
Kristus Yesus, bab tetak utawa ora tetak iku
ora ana paedahe, ya mung pracaya kang
tumindak ing gawe kalawan katresnan. 7 Biyen
anggonmu lumayu iku becik. Sapa ta kang
ngalang-alangi kowe, satemah kowe banjur

ora manut ing kayekten maneh? 8 Pangrimuk
supaya ora manut maneh iku ora saka ing
Panjenengane, kang nimbali kowe kabeh.
9 Ragi sathithik wus bisa rumasuk ing jladren
kabeh. 10 Ana ing Gusti aku yakin mungguh
ing kowe, manawa kowe ora nduweni
pikiran liya kajaba pikiran iki. Nanging sapa
kang ngisruhake kowe, iku bakal nyangga
paukumane, sanadyan sapa bae wong iku.
11 Lan maneh, tumrap aku, sadulur-sadulur,
manawa aku isih martakake bab tetak, geneya
aku isih dikuya-kuya? Sabab yen mangkono,
dadi sandhungan kang marga saka salib iku
wus kasingkirake. 12 Becike wong-wong kang
padha nggegerake kowe iku padha ngebiria
awake pisan bae!

13 Para sadulur, kowe wus padha katimbalan,
supaya mardika, nanging aja nganti kowe
migunakake kamardikan iku dadi dhadhakan
tumrap uriping daging, nanging padha
laden-linadenana srana katresnan. 14 Sabab
angger-anggering Toret kabeh iku kacakup
ing pangandika siji iki, yaiku: “Sira tresnaa
marang ing sapepadhanira dikaya marang
awakira dhewe.” 15 Dene manawa kowe
padha kerah-kerahan lan padha mangsa-
minangsa, padha diawas, aja nganti kowe
tumpes-tinumpes.

Urip manut daging utawa Roh

5:16-26

[16] Karepku yaiku: Lakumu padha manuta
marang Roh, lan aja nuruti kapencuting
daging. [17] Awit pepenginane daging iku
nyulayani marang Roh lan karsane Roh
iku nyulayani marang daging -- awit
sakarone padha lelawanan -- temahan
kowe saben-saben ora nindakake apa kang
kokkarepake. [18] Ananging manawa kowe
padha masrahake awakmu supaya dituntun
dening Roh, mesthi kowe padha ora kawengku
ing angger-anggering Toret. [19] Dene pakartine
daging wus cetha: laku jina, laku rusuh,
nguja hawa nepsu, [20] nyembah brahala,
sihir, sesatron, pasulayan, meri, brangasan,
mung mikir awake dhewe, cidra, roh kang
memecah, [21] drengki, mendem, jibar-jibur lan
sapanunggalane. Tumrap sakabehe iku kowe
dakelingake -- kaya kang wus daktindakake
biyen -- manawa sapa kang nindakake
bab-bab kang kaya mangkono iku, ora bakal
oleh panduman Kratoning Gusti Allah. [22] Dene
wohing Roh yaiku: katresnan, kabungahan,
tentrem-rahayu, sabar-sareh, paramarta,
kabecikan, setya, [23] alusing bebuden, bisa
ngemudheni dhiri. Ora ana angger-angger
kang nglawan bab-bab kang mangkono iku.
[24] Lan sapa kang dadi kagungane Sang Kristus
Yesus, iku wus nyalib daging dalah sakabehing
hawa nepsu lan pepenginane. [25] Manawa kita

urip marga saka Roh, urip kita uga katuntun
dening Roh [26] lan kita aja mendem drajat, aja
padha tantang-tantangan, sarta aja jejailan.

Padha tulung-tinulungana

6:1-10

6 [1] Para sadulur, yen ana wong kang tinemu
nglakoni panerak, kowe kang kasukman,
kudu nuntun wong iku marang dalan kang
bener kalawan budi kang sareh, karo njaga
awakmu dhewe, supaya kowe uga aja kena
ing pacoban. [2] Padha tuung-tinulungana
ing bot-repot! Iya kaya mangkono iku
anggonmu netepi ing angger-anggering
Sang Kristus. [3] Sabab yen ana sawenehing
wong kang rumangsa, manawa awake aji,
mangka babar pisan ora aji, iku ngapusi
awake dhewe. [4] Becike saben wong ndadara
pagaweane dhewe; lagi kena gumunggung
ndeleng kaanane dhewe lan ora ndeleng
kaanane wong liya. [5] Sabab saben wong
bakal mikul tetanggungane dhewe. [6] Lan
wong kang nampani piwulanging pangandika
iku mandumana samubarang kang kadarbe
marang wong kang aweh piwulang iku. [7] Aja
padha kesasar! Gusti Allah ora kena digawe
geguyon. Awit apa kang disebar ing wong,
iya iku kang bakal dieneni. [8] Sabab sing
sapa nyebar ing daginge, dheweke bakal
ngeneni karusakan saka daginge -- nanging
sapa kang nyebar ing Roh, iya bakal ngeneni
urip langgeng saka ing Roh iku. [9] Aja nganti

kita kemba anggon kita gawe kabecikan,
awit manawa wus tekan ing kalamangsane,
kita bakal ngeneni, anggere kita ora nganti
kendho. [10] Awit saka iku mumpung kita kober,
ayo padha gawe becik marang wong kabeh,
luwih-luwih marang sadulur-sadulur kita kang
tunggal pracaya.

Piweling wekasan lan salam

6:11-18

[11] Padha delengen, sapira gedhene aksara-
aksara kang dakanggo nulis marang kowe
kalawan tanganku dhewe. [12] Wong-wong
kang cara lair seneng nonjolake awake
dhewe, iya wong-wong iku kang padha
mbudidaya bisaa meksa kowe supaya tetak,
karepe mung supaya padha ora dikuya-kuya
marga saka salibe Sang Kristus. [13] Sabab
wong-wong kang padha tetak iku iya
padha ora netepi angger-anggering Toret.
Nanging karepe supaya kowe padha tetak
amrih wong mau bisa gumunggung ing bab
kaananmu lair. [14] Dene aku ora pisan-pisan
gelem gumunggung, kajaba ing bab salibe
Gusti kita Yesus Kristus, sabab marga saka
Panjenengane jagad wus disalib kanggo aku
lan aku kanggo jagad. [15] Sabab tetak utawa
ora tetak ora ana paedahe, nanging dadi titah
kang anyar iku kang ana paedahe. [16] Lan
kabeh wong kang lakune katuntun dening
wewaton iki, tentrem-rahayu lan rahmat muga
tumurun marang wong-wong iku lan marang

Israel kagungane Gusti Allah. 17 Sabanjure
aja ana kang gawe ribedku, marga ing
awakku ana tandha-tandha kagungane Gusti
Yesus. 18 Sih-rahmate Gusti kita Yesus Kristus
nunggala ing sukmamu, sadulur-sadulur!
Amin.

EFESUS

Salam

1:1-2

1 [1] Saka Paulus, rasule Sang Kristus Yesus
awit saka karsane Gusti Allah, marang
para suci ing kutha Efesus, iya para wong kang
padha pracaya ana ing Sang Kristus Yesus.
[2] Sih-rahmate lan tentrem-rahayu saka Gusti
Allah, Rama kita lan saka Gusti Yesus Kristus
anaa ing kowe kabeh.

Kasugihane para wong pepilihan

1:3-14

[3] Pinujia Gusti Allah lan Ramane Gusti
kita Yesus Kristus, kang wus mberkahi kita
ana ing Sang Kristus kalawan sarupane
berkah kasukman kang ana ing swarga.
[4] Awit sadurunge jagad katitahake iya ana
ing Panjenengane iku Gusti Allah wus milihi
kita, supaya kita padha suci tanpa cacad
ana ing ngarsane. [5] Marga saka sih-mirmane
saka ing wiwitan mula Panjenengane wus
kepareng netepake kita kaangkat dadi para
putrane marga saka Gusti Yesus Kristus,
ing sakeparenge karsane, [6] supaya pinujia
sih-rahmate kang luhur, kang kaparingake
marang kita ana ing Panjenengane kang

kinasih. 7 Sabab iya ana ing Panjenengane
marga saka rahe, kita kaparingan tetebusan,
yaiku pangapuraning dosa, manut gunging
sih-rahmate, 8 kang wus diluberake marang
kita kalawan sagunging kawicaksanan lan
pangreten. 9 Marga Panjenengane wus
medharake wewadining karsane marang kita,
manut karo rancangan-palimirmane, yaiku
rancangan-palimirma kang wiwit sakawit wus
ditetepake ana ing Sang Kristus, 10 minangka
pacawisan ganeping wektu manunggaling
sakabehe ana ing Sang Kristus kang dadi
sesirahing sakabehe iku mau iya kang
ana ing swarga iya kang ana ing bumi.
11 Daktembungake "ing Sang Kristus", awit
iya ana ing Panjenengane iku aku kabeh
padha oleh panduman kang dijanjekake -- aku
kang saka wiwitan padha katemtokake tampa
panduman iku cundhuk karo karsaning Allah,
kang ing samubarang kabeh makarya manut
putusaning karsane -- 12 supaya aku kang
sadurunge wus padha duwe pangarep-arep
tumrap Sang Kristus, kepareng dadi srana
panggunggunging kaluhurane. 13 Ana ing
Panjenengane kowe kabeh, -- awit kowe
wus padha ngrungokake pangandikaning
kayekten, yaiku Injiling karahayon -- iya
ana ing Panjenengane kowe kabeh sawuse
pracaya, uga padha kaecap ing Roh Suci kang
kaprasetyakake iku. 14 Dene Roh Suci iku kang
dadi tanggunganing bagean kita nganti kita
padha tampa sakabehe, yaiku tetebusan kang

minangka srananing kita dadi kagungane Gusti Allah, supaya pinujia kaluhurane.

Pandonga supaya mangreti marang kamulyane Sang Kristus

1:15-23

15 Mulane, aku iki sawuse krungu warta
bab pracayamu marang Gusti Yesus lan
bab tresnamu marang sakehe para suci,
16 ora kendhat anggonku caos sokur marga
saka kowe kabeh. Lan aku tansah ngelingi
kowe sajroning pandongaku, 17 supaya
Allahe Gusti kita Yesus Kristus, yaiku
Sang Rama kang asipat mulya iku, karsa
paring Rohing kawicaksanan lan wahyu
marang kowe satemah kowe banjur wanuh
marang Panjenengane kanthi sabenere.
18 Panjenengane madhangake mripating
atimu, supaya kowe ngreti mungguh
pangarep-arep apa kang kamot ing timbalane;
iba gedhening pandumane kamulyan kang
katemtokake kanggo para suci, 19 lan iba
gunge panguwaose tumrap kita, kang pracaya,
cundhuk karo dayaning panguwaose 20 kang
katindakake ana ing Sang Kristus kalawan
anggone ngwungokake saka antarane wong
mati lan nglenggahake ing swarga ana ing
sisih tengene, 21 banget anggone ngungkuli
luhure sakehing pamarentah lan panguwasa
sarta pamisesa tuwin karajan lan sadhengaha
jeneng kang kena sinebut, ora ngamungake
ana ing donya iki bae, nanging uga ing

jaman kang bakal kalakon. [22] Karodene
samubarang kabeh wus tinata ing sangisore
sampeyane Sang Kristus lan Panjenengane
wus kaparingake marang pasamuwan
minangka Sesirahing samubarang kang ana.
[23] Dene pasamuwan iku kang dadi sarirane,
kang kapenuhan ing Panjenengane, kang
menuhi samubarang kabeh.

Kabeh-kabeh iku sih-rahmat

2:1-10

2 [1] Kowe biyen padha mati marga saka
panerak-panerak lan dosa-dosamu.
[2] Kowe biyen padha dumunung ana ing kono,
awit kowe ngenut lakuning donya iki, lan
mbangun-miturut marang panguwasane
karajan awang-awang, yaiku roh kang saiki
lagi nandukake dayane ana ing satengahe
para wong duraka. [3] Satemene biyen aku
kabeh uga padha kaetung klebu ing antarane
wong-wong iku, nalika urip ana ing sajroning
hawa-nepsuning daging lan nuruti pakaremane
daging lan pangangen-angenku kang ala.
Pancena aku kudu padha kaparingan bebendu,
kayadene wong-wong liyane. [4] Nanging
Gusti Allah kang sugih kawelasan, awit saka
gedhening katresnan kang kaluberake marang
kita, [5] wus nguripake kita bareng karo Sang
Kristus, sanadyan ta kita wis padha mati,
awit saka kaluputan-kaluputan kita -- marga
saka sih-rahmat kowe padha kapitulungan
rahayu -- [6] lan ana ing Sang Kristus kita padha

ditangekake lan uga diparingi papan bareng
karo Panjenengane ana ing swarga, 7 supaya
ing jaman kang bakal kalakon Panjenengane
ngatingalake marang kita anggone sugih
sih-rahmat kang luber-luber cundhuk karo
kasaenane marang kita ana ing Sang Kristus
Yesus. 8 Sabab anggonmu padha kapitulungan
rahayu iku saka sih-rahamat marga pracaya;
lan iku dudu wohing pambudidayamu,
nanging peparinge Gusti Allah, 9 iku dudu
wohing panggawemu: aja ana wong kang
gumunggung. 10 Marga kita iki titahe Gusti
Allah, katitahake ana ing Sang Kristus Yesus,
supaya padha nglakoni panggawe becik kang
kacawisake Gusti Allah sadurunge, minangka
ambah-ambahan kita.

Katunggilake ana ing Sang Kristus

2:11-22

11 Mulane ngelingana, manawa biyen kowe --
-wong-wong kang dudu wong Yahudi mungguh
ing daging, kang sinebut wong-wong kang
ora tetak dening wong-wong kang ngarani
awake dhewe “tetak”, yaiku tetak tata lair
srana tanganing manungsa, -- 12 manawa
nalika samana kowe tanpa Sang Kristus, ora
klebu warga Israel lan ora oleh panduman
tumrap prasetya kang kajanjekake, tanpa
pangarep-arep lan tanpa Gusti Allah ana
ing donya. 13 Nanging saiki kowe ana ing
Sang Kristus Yesus, kowe kang nalika
samana “adoh”, saiki wus dadi “cedhak”

marga saka rohe Sang Kristus. 14 Marga iya
Panjenengane iku tentrem-rahayu kita, kang
wus manunggalake sakaro-karone dadi siji lan
kang wus ngrubuhake tembok singgetan, yaiku
sesatron, 15 awit Panjenengane wus mbatalake
angger-anggering Toret dalasan sakabehing
pepakon lan katamtuan-katamtuan, supaya
sakaro-karone dadi manungsa anyar siji ana
ing panjenengane lan kalawan mangkono
iku banjur nganakake tentrem-rahayu, 16 lan
kanggo ngrukunake sakaro-karone, ana
ing badan siji, karo Gusti Allah srana salib,
kanthi ngilangake sesatron kang ana ing salib
iku. 17 Panjenengane rawuh lan martakake
tentrem-rahayu marang kowe kabeh kang
“adoh” lan marang wong-wong kang “cedhak”,
18 awit iya marga saka Panjenengane iku
kita sakarone ana ing Roh siji padha oleh
dalan marang ing ngarsane Sang Rama.
19 Marga saka iku, kowe dudu wong manca lan
wong neneka maneh, nanging wus manjing
dadi sagolongan karo para suci lan manjing
dadi brayating Allah, 20 kang kabangun
adhedhasar ing para rasul lan para nabi,
kalawan Sang Kristus Yesus kang minangka
watuning pepojok. 21 Iya Panjenengane iku
kang dadi margane sagedhong kabeh, sawise
katata runtut banjur dadi Padalemaning Alah
kang Suci, ana ing sajrone Gusti. 22 Ana
ing Padaleman iku kowe uga padha melu
kabangun dadi padalemane Gusti Allah, ana
ing sajrone Roh.

Wadining timbalan marang wong-wong dudu Yahudi

3:1-13

3 1 Yaiku sababe aku iki, Paulus, wong kang
dikunjara marga saka Sang Kristus Yesus
kanggo kowe wong-wong kang ora wanuh
marang Gusti Allah, 2 -- kowe rak wus padha
krungu mungguh ayahaning sih-rahamate
Gusti Allah, kang kapitayakake marang aku
marga saka kowe kabeh, 3 yaiku srana wahyu
anggonku wus kasumurupake ing wewadi,
kaya kang wus daktulis ing dhuwur kanthi
ringkes. 4 Yen kokwaca, kowe bisa sumurup
mungguh pangretenku bab kekeraning
Sang Kristus, 5 kang ing biyen-biyene ora
dakwartakake marang anak-anake manungsa,
nanging kang saiki kawedharake marang
rasul-rasul lan nabi-nabine Gusti kang
suci marga dening Roh, 6 yaiku manawa
wong-wong dudu Yahudi marga saka Pawarta
Injil, melu dadi ahli waris lan gegelitaning
sarira sarta melu duwe panduman ana
ing prasetyan kang kaparingake ana ing
patunggilane Sang Kristus Yesus. 7 Aku wus
dadi paladene Injil iku manut peparinge
sih-rahmate Gusti Allah kang kaganjarake
marang aku cundhuk karo makaryane
panguwaose. 8 Aku, wong kang asor dhewe
ing antarane para suci kabeh, wus kaparingan
sih-rahmat iki, kanggo martakake marang
wong-wong dudu Yahudi bab kasugihane

Sang Kristus, kang ora kena kinira iku, [9] sarta
kanggo nerangake apa isine ayahaning wewadi
kang wus atusan taun kineker ing Gusti Allah,
kang nitahake samubarang kabeh, [10] supaya
saiki kabeh sawernaning kawicaksanane
Gusti Allah disumurupake marang para
pamarentah lan para panguwasa ing swarga
dening pasamuwan, [11] laras karo karsane
kang langgeng, kang wus katindakake ana
ing Sang Kristus Yesus, Gusti kita. [12] Ana
ing Panjenengane kita oleh kakendelan lan
dalan sowan menyang ing ngarsane Gusti
Allah kalawan sumendhe babar pisan marga
saka pracaya kita marang Panjenengane.
[13] Mulane panjalukku marang kowe kabeh,
aja nganti padha cilik atimu nyawang marang
kasangsaranku marga saka kowe, awit
kasangsaranku iku kamulyanmu.

Pandongane Rasul Paulus

3:14-21

[14] Iya iku mulane aku jengkeng sujud ana
ing ngarsane Sang Rama, [15] kang dadi asale
sebutane kabeh turun kang ana ing swarga
lan ing bumi. [16] Aku ndedonga, supaya
Panjenengane saka gunging kamulyane
nguwatake lan nyantosakake kowe dening
Rohe ing batinmu, [17] temahan marga saka
pracayamu, Sang Kristus dedalem ana ing
atimu sarta kowe padha ngoyoda lan atetalesa
ana in katresnan. [18] Aku ndedonga, supaya
kowe karo sakehing para suci bisa nyumurupi

sapira ambane lan dawane sarta dhuwure lan
jerone sihe Sang Kristus [19] sarta bisa ngawruhi
marang sihe kang ngungkuli sakabehing
kawruh iku. Aku ndedonga, supaya padha
kapenuhan ing kasampurnaning Gusti Allah.
[20] Iya Panjenengane, kang kuwaos nindakake
luwih dening akeh tinimbang apa kang kita
dongakake utawa kita pikir, kaya kang kacetha
ana ing daya-kakuwatan kang tumindak ana
ing kita, [21] iya Panjenengane iku kang sayogya
kacaosan kamulyan ana ing pasamuwan lan
ing sajrone Sang Kristus Yesus, turun-tumurun
nganti salawas-lawase. Amin.

Patunggalaning pasamuwan lan beda-bedaning kanugrahan

4:1-16

4 [1] Mulane, aku mituturi kowe, aku kang dadi
pasakitan marga saka Gusti, uripmu dikaya
wong-wong kang wus padha katimbalan
cundhuk karo timbalan iku. [2] Ditansah
andhap-asor, sareh lan sabar. Padha ngetokna
katresnanmu kalawan tulung-tinulung. [3] Lan
ngudia lestarine anggonmu tetunggalan ing
Roh sarana suhing atut rukun: [4] tunggal badan,
lan iya tunggal Roh, kayadene anggonmu wus
padha katimbalan marang pangarep-arep siji
kang dumunung ana ing timbalanmu, [5] tunggal
Gusti, tunggal pracaya lan tunggal baptis,
[6] tunggal Allah lan Ramane kabeh, Gusti
Allah kang mengku kabeh, lumantar kabeh,
lan ana ing kabeh. [7] Nanging sawiji-wijining

panunggalan kita wus kaganjar sih-rahmat
undha-usuk manut sapalimirmane Sang
Kristus. 8 Mulane ana pangandika mangkene:

"Sareng sumengka ing ngaluhur,
Panjenenganipun mbandhangi tiyang-tiyang tawanan,
Panjenenganipun maringi ganjaran dhateng manungsa."

9 Mungguh "Panjenengane wus sumengka"
iku rak ateges manawa Panjenengane iya
wus tumedhak uga menyang ing peranganing
bumi kang ngisor dhewe? 10 Panjenengane
kang wus tumedhak, iya Panjenengane uga
kang wus sumengka ngungkuli sakehing
langit, supaya ngebeki samubarang. 11 Lan iya
Panjenengane kang paring para rasul, nabi,
juru Injil, pangon lan pamulang, 12 supaya para
suci padha kacawisna kanggo ayahan leladi,
kanggo pambangune sarirane Sang Kristus,
13 nganti kita kabeh wus padha bisa nggayuh
manunggaling pracaya lan kawruh kang bener
tumrap Putraning Allah, kadiwasan kang
sampurna, lan tataran kang cundhuk karo
kasampurnaning Sang Kristus, 14 temahan kita
ora dadi bocah maneh, kang diobat-abitake
dening sarupane angine piwulang, dening
pratingkah nasar lan culikane manungsa
kang mblasukake, 15 nanging kalawan tatag
ngandhemi kayekten sajroning katresnan, kita
mundhak-mundhak ing samubarang ngener
Sang Kristus kang jumeneng Sesirah. 16 Iya
saka Panjenengane iku sarirane sakojur --
kang tumata runtut lan kaiket dadi siji awit

saka makartine kabeh perangane, cundhuk karo murwate pakaryane saben perangan iku -- anggone tumuwuh mbangun dhiri sajroning katresnan.

Dalaning urip anyar

4:17-32

17 Mula iki dakkandhakake lan dakcethakake
marang kowe ana ing patunggilane Gusti,
yaiku: Uripmu aja kaya lakuning wong-wong
kang ora wanuh marang Gusti Allah maneh
kang pangangen-angene tanpa guna 18 lan
kang peteng pikirane, adoh saka ing urip
patunggilan karo Gusti Allah, marga saka
bodhone lan marga saka wangkoting atine.
19 Pangrasane wus kethul, temahan padha
masrahake awake marang pamblunthah lan
nglakoni panggawe kang rusuh kalawan
kethaha. 20 Nanging munguh kowe iku ora
mangkono. Kowe wus padha sinau wanuh karo
Sang Kristus. 21 Awit kowe wus krungu bab
Panjenengane lan nampani piwulang ana ing
Panjenengane manut kayekten kang satuhu
ana ing Gusti Yesus 22 yaiku manawa kowe,
ing bab lakumu kang biyen, kudu ngrucat
kamanungsan lawas, kang nemahi rusak
awit saka anane hawa-nepsu kang nasarake,
23 supaya kowe padha dianyarake ing roh
lan pikiranmu, 24 lan ngrasuk kamanungsan
anyar, kang wus tinitahake manut karo
karsaning Allah ing kabeneran lan kasucen
kang nyata. 25 Awit saka iku mbuwanga watek

goroh lan ngucapa kang nyata marang ing
pepadhaning sadulur siji lan sijine, awit kita
padha-padha dadi gegelitaning badan siji.
26 Manawa kowe nepsu aja nganti gawe dosa:
srengenge aja nganti angslup sadurunge
nepsune ilang 27 lan aja aweh papan marang
iblis. 28 Wong kang gawene nyolong, aja
nyolong maneh, nanging becik nyambut-gawe
kanthi tumemen lan nglakoni pagawean kang
becik kalawan tangane dhewe, supaya bisa
nguluri wong kang kekurangan. 29 Aja nganti
ana tembung reged kawetu saka ing tutukmu,
nanging munga tembung kang becik kanggo
mbangun, yen prelu, supaya kang krungu,
oleha sih-rahmat. 30 Lan kowe aja gawe
sekele Sang Rohing Allah kang suci, kang wus
ngecap kowe kanggo ing dina pangentasan.
31 Sadhengahing rasa serik, brangasan,
gampang nepsu, tukar-padu lan panyatur ala
buwangen saka ing antaramu, samono uga
sadhengahing piala. 32 Nanging kowe dipadha
sumanak mungguh ing siji lan sijine, kebak ing
sih katresnan lan apura-ingapuraa kayadene
Gusti Allah ana ing Sang Kristus iya wus
ngapura marang kowe kabeh.

Urip dadi putra-putraning pepadhang

5:1-21

5 1 Awit saka iku padha nulada marang Gusti
Allah, dikaya putra-putra kang kekasih
2 lan padha lumakua ing katresnan, kayadene
Sang Kristus Yesus uga wus ngasihi kowe

kabeh lan masrahake sarirane kanggo kita
minangka pisungsung lan korban kang arum
kagem Gusti Allah. 3 Nanging mungguh laku
jina lan sarupane pratingkah rusuh utawa
kamurkan iku aja nganti sanadyan munga
kasebut bae ana ing antaramu, kaya kang
pantes tumraping para suci. 4 Samono uga
aja ngucap kang saru-saru, clemang-clemong
utawa geguyon sembranan -- marga iku kabeh
ora pantes -- nanging luwih prayoga ngucapa
sokur. 5 Awit padha dieling temenan bab iki:
ora bakal wong kang laku jina, wong kang
najis utawa wong kang kebak kamurkan,
yaiku kang nyembah brahala, oleh panduman
ana ing kratoning Sang Kristus lan Gusti
Allah. 6 Aja nganti kowe kena disasarake
kalawan tetembungan kang kothong, awit
prakara-prakara kang mangkono iku nekakake
bebenduning Allah tumrap wong-wong duraka.
7 Marga saka iku aja nganti kowe kekancan
karo wong-wong iku. 8 Pancen, biyen kowe
iku dadi pepeteng, nanging saiki kowe dadi
pepadhang ana ing Gusti. Mulane lakumu
dikaya putra-putraning pepadhang, 9 marga
wohing pepadhang iku mung sarupaning
kabecikan lan kaadilan lan kabeneran, 10 lan
titi-priksanen apa kang dadi keparenging
Gusti. 11 Aja melu-melu marang pratingkahe
pepeteng kang ora metokake woh apa-apa.
Nanging kosokbaline iku welehna. 12 Awit
mung ngucapake bae mungguh apa kang
katindakake dening wong-wong iku ana ing
pasingidan, iku wus jeneng saru. 13 Nanging

samubarang kang wus kawelehake dening
pepadhang iku dadi kelair, awit kabeh kang
kelair iku katon padhang. [14] Awit saka iku ana
kang muni, “Meleka, he kowe kang turu lan
tangia saka antarane wong mati, temahan
Sang Kristus bakal madhangi kowe.” [15] Marga
saka iku, padha diawas marang lakumu, aja
kaya wong kang bodho, nanging dikaya wong
kang pinter, [16] lan gunakna wektu kang ana,
awit jaman iki ala. [17] Mulane aja padha tanpa
budi, nanging udinen supaya kowe ngreti,
mungguh apa kang dadi karsaning Gusti.
[18] Lan aja nganti kowe mendem anggur, awit
anggur iku nuwuhake hawa-nepsu, nanging
kapenuhana ing Roh, [19] lan rerasanana siji lan
sijine nganggo masmur, kidung pamuji lan
kidung kasukman. Ngidunga lan surak-suraka
kagem Gusti kanthi tulusing ati. [20] Tansah
caosa sokur marang Gusti Allah Sang Rama
kita tumrap samubarang kabeh atas asmane
Gusti kita Yesus Kristus, [21] lan diandhap-asor
ing antarane siji lans ijine ana ing sajrone wedi
asih marang Sang Kristus.

Katresnane Sang Kristus iku dhasaring jejodhoan

5:22-33

[22] He para wong wadon, manut mituruta
marang bojomu dhewe kayadene marang
Gusti, [23] awit kang lanang iku sesirahe
kang wadon, kayadene Sang Kristus iya
sesirahing pasamuwan. Iya Panjenengane

kang jumeneng Pamartane sarirane. 24 Awit
saka iku kayadene pasamuwan sumuyud
marang Sang Kristus, mangkonoa uga para
wong wadon marang kang lanang tumrap
ing samubarang kabeh. 25 He para wong
lanang, padha tresnaa marang bojomu
kayadene Sang Kristus anggone wus ngasihi
pasamuwane nganti masrahake sarirane
marga saka pasamuwan iku 26 supaya dadia
suci, sarana diresiki nganggo padusan banyu
kang kinanthenan pangandika 27 sarta kalawan
mangkono banjur diprenahake ana ing
ngarsane wus katon mancorong tanpa cacad
lan ora njengkerut sapiturute, nanging wus
dadi pasamuwan kang suci lan tanpa cacad.
28 Mangkono uga para wong lanang padha
kawjiban tresna marang bojone kaya marang
awake dhewe: Sing sapa tresna marang bjone
iku awake dhewe kang ditresnani. 29 Marga
ora tau ana wong nggethingi awake dhewe,
malah diingoni lan diupakara padha kaya Sang
Kristus marang pasamuwan, 30 awit kita iki
gegelitaning sarirane. 31 Marga saka iku wong
lanang kapesthi ninggal bapa lan biyunge lan
rumaket marang bojone, temahan sakarone
iku dadi daging siji. 32 Iki wewadi kang gedhe,
nanging kang dakkarepake gegayutane Sang
Kristus karo pasamuwane. 33 Dadi tumraping
kowe: padha tresnaa marang bojomu kaya
marang awakmu dhewe, dene para wong
wadon padha ngajenana marang kang lanang.

Mbangun-turut lan katresnan

6:1-9

6 [1] He bocah-bocah, manut-mituruta marang
wong tuwamu ana ing patunggilane Gusti,
mangkono iku kang bener. [2] Sira ngajenana
bapa-biyungira -- iki pepakon kang wigati,
kaya kang kacetha ana ing prasetya iki --
[3] supaya sira slamet lan dawa umurira ana in
donya.
[4] Lan kowe para bapa, aja padha gawe
seriking atine anak-anakmu, nanging
gulawenthahen ing bab piwulang lan pepeling
kang saka ing Gusti.
[5] He para abdi, manut-mituruta marang
bendaramu kang ana ing donya kanthi wedi
lan geter sarta kalawan tulusing ati, padha
kaya anggonmu manut-miturut marang Sang
Kristus, [6] aja mung manawa ana ing ngarepe
bae kanggo nyenengake atining wong, nanging
dikaya abdine Sang Kristus kang kalawan
gumolonging ati nindakake karsane Gusti
Allah, [7] lan kang kanthi lila legawa anggone
leladi kaya marang Gusti lan ora marang
manungsa. [8] Kowe padha sumurup, manawa
saben wong, apa batur tukon, apa wong
mardika, yen wis nindakake kabecikan, bakal
tampa piwales saka Gusti.
[9] Lan kowe para bendara, dikaya mangkono
uga pangrengkuhmu marang para baturmu lan
aja nganggo ancaman. Elinga, manawa Gutine

lan Gustimu ana ing swarga, lan Panjenengane
iku ora pilih kasih.

Prabot kasukman

6:10-20

[10] Wasana, padha dadia santosa ana ing
patunggilane Gusti, lan ing kasektening
panguwasane. [11] Padha sikepa praboting
prange Gusti Allah, supaya kowe bisa ndhahi
gelar kajuligane Iblis; [12] awit kang kita
tandhingi iku dudu daging lan getih, nanging
para pamarentah, para panguwasa, para
panggedhening jagad kang peteng iki, para
rohing kadursilan kang ana ing langit. [13] Mulane
padha nyandhaka praboting prange Gusti
Allah, supaya kowe bisa nyembadani samasa
tekane dina kang ala iku lan tetep tangguh
sawuse kowe ngrampungake sakabehe.
[14] Mulane padha dipanggah, lambungmu
sabukana ing kayekten lan ngrasuka kaadilan
minangka kere, [15] sikilmu nganggoa trumpah
cumadhangmu marang Injiling tentrem-
rahayu; [16] sajrone mangkono iku padha
nganggoa tamening pracaya, margane kowe
bakal bisa nyirep sakehing panah geni saka
si pangawak dursila, [17] karomaneh padha
nampanana tetopong karahyon lan pedhang
Roh, yaiku sabdaning Allah, [18] ing sajroning
pandonga lan panyuwunmu kabeh. Padha
tansah ndedongaa ana ing patunggilaning Roh,
sarta padha meleka lan ditegen anggonmu
padha nyenyuwun kanggo para suci; [19] uga

kanggo aku, supaya manawa aku ngucap,
diparingana tetembungan kang bener, lan
supaya kanthi kendel anggonku nggiyarake
kekeraning Injil, [20] kang dakladeni minangka
utusan kang dirante. Padha ndedongaa,
supaya aku bisa nglairake bab iku kalawan
kendel, awit pancen kudu mangkono.

Pawarta lan salam

6:21-24

[21] Supaya kowe uga padha sumurup marang
kaanan lan lelakonku, mula Tikhikus, sadulur
kita kang kekasih lan abdi kang tumemen ana
ing Gusti, bakal aweh sumurup marang kowe
bab iku kabeh. [22] Iya iku karepku anggonku
kongkonan Tikhikus nemoni kowe kabeh,
supaya kowe padha ngreti mungguh kaananku
supaya nglipur atimu. [23] Tentrem-rahayu
lan katresnan kang kanthi pracaya saka
Gusti Allah Sang Rama lan saka Gusti kita
Yesus Kristus anaa ing para sadulur kabeh.
[24] Sih-rahmat anaa ing wong kabeh, kang
padha nresnani Gusti kita Yesus Kristus kanthi
katresnan kang ora sirna ing salawas-lawase.

FILIPI

Salam

1:1-2

1 [1] Saka Paulus lan Timoteus abdi-abdine
Sang Kristus Yesus marang sakehing para
suci ana ing sajroning Sang Kristus Yesus kang
ana ing kutha Filipi lan para juru pamomong
sarta para juru pamulasara.
[2] Sih-rahmat lan tentrem-rahayu saka Gusti
Allah Rama kita lan saka Gusti Yesus Kristus
anaa ing kowe kabeh.

Pamuji sokur lan pandonga

1:3-11

[3] Aku caos sokur marang Allahku saben-saben
aku ngelingi marang kowe kabeh. [4] Lan saben
aku ndongakake kowe kabeh, anggonku
ndedonga tansah kalawan bungah. [5] Aku
ngunjukake panuwun marang Allahku marga
saka anggonmu padha tetunggalan ing bab
Kabar Injil wiwit ing dina wiwitan nganti
saprene. [6] Tumraping iku aku yakin banget,
manawa Panjenengane, kang miwiti pakaryan
becik ana ing antaramu, iku bakal mbacutake
nganti tumeka ing wekasane ing dinane Sang
Kristus Yesus. [7] Pancen wus sapantese manawa
aku duwe pangrasa mangkono tumraping

kowe kabeh, awit kowe padha klebu ing atiku,
amarga kowe kabeh padha oleh panduman ing
sajroning sih-rahmat kang diparingake marang
aku, iya nalikane aku dikunjara, iya nalikane
mbelani sarta nyantosakake Injil. [8] Awit Gusti
Allah kang dadi seksiku, kaya apa kangenku
marang kowe kabeh kalawan sih-katresnane
Sang Kristus Yesus.
[9] Lan iya iki pandongaku: Muga-muga
katresnanmu saya mundhak-mundhaka ing
pangawruh kang bener lan ing sarupaning
pangreten, [10] satemah kowe padha bisa
milih apa kang becik, supaya kowe padha
dadia resik lan ora cacad ngarepake dinane
Sang Kristus, [11] padha kapenuhan wohing
kabeneran pakaryane Gusti Yesus Kristus
minangka kamulyan lan pangalembananing
Allah.

Paseksene Rasul Paulus nalika ana ing pakunjaran

1:12-26

[12] Kang dakkarepake, para sadulur, supaya
kowe padha sumurup, manawa apa kang
tumiba marang aku iki, malah wus ndadekake
kamajuaning Injil, [13] satemah wus cetha
tumrap sakehing priyayi kraton lan wong
liya-liyane kabeh, manawa aku dikunjara
marga saka Sang Kristus. [14] Lan sedulur
ing patunggilane Gusti kang akeh-akeh
wus kadunungan pracaya marga saka
anggonku dikunjara lan dadi luwih kendel

sarta ora kalawan wedi anggonku ngalirake
pangandikaning Gusti Allah. 15 Ana wong
martakake Sang Kristus amarga drengki lan
dhemen pasulayan, nanging ana uga kang
ngundhangake Panjenengane kalawan sedya
kang becik. 16 Wong iki padha martakake
Sang Kristus marga saka tresna, awit padha
ngreti, manawa aku ana ing kene prelu
mbelani Injil, 17 nanging liyane marga saka
kabutuhane dhewe lan ora kanthi kekarepan
kang eklas, pangirane bisa ngundhakake abote
kasangsaranku ana ing pakunjaran.
18 Nanging ora dadi apa, awit sanadyan
ta kapriye bae Sang Kristus kawartakake,
apa kanthi sedya kang ala apa kanthi jujur.
Tumrap iku aku bungah. Lan aku bakal
tetep bungah, 19 awit aku sumurup manawa
kawusanane iki kabeh iku karahayonku sabab
saka pandongamu lan pitulunganing Rohe
Gusti Yesus Kristus. 20 Amarga kang banget
dakpengini lan dakarep-arep, yaiku yen
tumraping samubarang kabeh aku ora bakal
kawirangan, nanging kayaa sing uwis-uwis,
mangkono uga saiki, Sang Kristus kanthi
cetha kaluhurake ana ing badanku, dadia
srana uripku, utawa srana patiku. 21 Awit
mungguh ing aku urip iku Sang Kristus, dene
mati iku kabegjan. 22 Nanging manawa aku
kudu urip ana ing donya iku, iku tumraping
aku ateges nyambut-gawe metokake woh.
Dadi endi kang kudu dakpilih, aku ora bisa
ngadhakake. 23 Aku kapetek dening rong
prakara: Aku kapengin lunga lan nunggal

karo Sang Kristus -- iku pancen luwih dening
becik; [24] nanging urip ana ing donya iki isih
luwih prelu marga saka kowe kabeh. [25] Lan ing
sajroning kayakinan iki aku ngreti: aku isih
bakal kasambungan umur lan urip bebarengan
maneh karo kowe kabeh, supaya kowe padha
sangsaya maju lan bungah-bungah ana ing
sajroning pracaya, [26] temahan ana ing Sang
Kristus Yesus anggonmu mongkog sangsaya
mundhak marga saka aku, manawa nekani
kowe maneh.

Pepeling supaya tetep mantep

1:27-30

[27] Mung bae kalakuanmu kacundhukna karo
Injile Sang Kristus, supaya manawa aku teka
aku ndeleng, dene manawa aku ora teka aku
krungu, yen kowe padha mantep atunggal roh
lan saiyeg padha tumindak sakatoge kanggo
iman kang tuwuh saka ing Injil [28] kalawan ora
wedi babar pisan marang mungsuhmu. Iku
mau kabeh tumraping mungsuh-mungsuhmu
dadi ngalamating karusakan, nanging tumrap
kowe kabeh dadi ngalamating karahayon,
lan iku tekane saka Gusti Allah. [29] Amarga
kowe wus padha kaparingan sih ora mung
supaya pracaya marang Sang Kristus bae,
nanging uga supaya nandhang sangsara
kagem Panjenengane, [30] padha tarung kaya
kang wus kokdeleng biyen ana ing aku, lan
kang saiki kokrungu mungguh ing aku.

Pitutur supaya manunggal lan andhap asor kaya Sang Kristus

2:1-11

2 1 Dadi sarehne ing sajroning Sang Kristus
iku ana pepeling, ana panglipuring
katresnan, ana patunggilaning Roh, ana
sih-katresnan lan piwelas, 2 mulane padha
ngganepana kabungahanku kalawan
mangkene: dipadha sarujuk, tunggal
katresnan, tunggal budi, tungal sedya,
3 sepi ing pamrih utawa pangalembana kang
tanpa guna. Nanging kosokbaline kalawan
andhap asor kang sji nganggepa marang
sijine luwih utama tinimbang awake dhewe;
4 lan saben wong aja mung mikir marang
kabutuhane dhewe, nanging elinga uga
marang kabutuhaning liyan. 5 Ing sajrone
anggonmu padha urip bebarenagn padha
kadunungana pangangen-angen lan pangrasa
kang uga tinemu ana ing Sang Kristus Yesus,
6 kang sanadyan ngagem sipating Allah,
ewadene anggone sajajar karo Gusti Allah
iku ora kaanggep bab kang kudu dikekahi,
7 nanging malah wus nyuwungake sarirane
piyambak, lan ngagem sipating abdi, sarta wus
dadi padha karo manungsa. 8 Apamaneh ing
sajrone wujud manungsa iku Panjenengane
wus ngasorake sarirane lan sumuyud nganti
seda ana ing kayu salib. 9 Iya iku sababe
Gusti Allah banget anggone banjur ngluhurake
Panjenengane lan maringi asma marang

Panjenengane ngungkuli sadhengahing
jeneng, [10] supaya ana ing asmane Gusti Yesus
kang ana ing langit lan kang ana ing bumi lan
kang ana ing sangisore bumi, padha jengkenga
[11] lan sakehing ilat padha ngakonana manawa
"Gusi Yesus Kristus iku jumeneng Gusti",
murih kaluhuraning Gusti Allah, Sang Rama.

Tansah padha udinen karahayonmu

2:12-18

[12] He para sadulur kang kinasih, kowe iku
tansah padha mituhu, mulane padha tansah
udinen karahayonmu kalawan wedi lan
geter, ora mung kaya nalikane aku isih ana
ing tengah-tengahmu, nanging luwih-luwih
saiki ing wektu aku adoh karo kowe; [13] awit
iya Gusti Allah kang manut sakeparenge,
nuwuhake iya kekarepan, iya panggawe ana
ing kowe. [14] Lakonana samubarang kabeh
kalawan tanpa panggrundel lan suwala,
[15] supaya kowe ora padha kaciren lan ora
padha cacad, padha dadi putraning Gusti
Allah kang tanpa cacad ing satengahing
golongan kang kablinger lan mblasar iki,
satemah ana ing satengahing wong-wong iku
kowe sumunar kaya lintang-lintang ing jagad,
[16] kanthi ngadhemi sabdaning urip, supaya
aku bisa mongkog ing dinane Sang Kristus,
dene ora nglaha anggonku mbalap sarta
ora nglaha anggonku kangelan. [17] Nanging
sanadyan getihku kawutahake ana ing kurban
lan pangibadahing pracayamu, aku bungah,

lan aku bungah bebarengan karo kowe kabeh.
18 Lan kowe iya padha bungaha mangkono, lan
bungaha bebarengan karo aku.

Timoteus lan Epafrodhitus

2:19--3:1a

19 Nanging ana ing sajroning Gusti Yesus aku
kapengin endang bisaa kongkonan Timoteus
nemoni kowe, supaya ayem atiku manawa
wis krungu bab kaananmu. 20 Awit aku ora
duwe wong liyane maneh kang tunggal
budi lan tunggal pangangen-angen lan kang
temen-temen nggatekake kabutuhanmu;
21 sabab kabeh mburu kabutuhane dhewe
dudu kabetahane Sang Kristus Yesus. 22 Kowe
rak wus padha ngreti bab kasetyane kang
wus kateter lan manawa dheweke wus kaya
anak marang bapakne anggone ngrewangi
aku ing bab anggonku ngladeni Injil. 23 Iya iku
kang tumuli arep dakkongkon, sawuse cetha
tumraping aku kapriye dadine prakaraku,
24 nanging ana ing Gusti aku ngandel, manawa
aku dhewe uga bakal enggal teka.
25 Mung bae dakkira prelu aku kongkonan
Epafrodhitus marang kowe, yaiku sadulurku
lan kanca nyambut-gawe sarta kancaku
perang, kang kokkongkon nulungi aku ing
bab kabutuhanku. 26 Awit banget kangene
marang kowe kabeh lan uga prihatin marga
kowe krungu anggone lara. 27 Pancen iya lara
temenan nganti meh mati, nanging Gusti Allah
paring kawelasan, lan ora mung dheweke bae,

nanging uga aku, supaya kasusahanku aja
tumpa-tumpa. 28 Yaiku sababe aku sangsaya
enggal-enggal kongkonan dheweke, supaya
samangsa kowe ndeleng dheweke, padha bisa
bungah maneh lan sudaa prihatinku. 29 Mulane
tampanana ana ing patunggilaning Gusti
kalawan sarupaning kabungahan lan wong
kang kaya mangkono iku padha ajenana.
30 Marga saka ayahane Sang Kristus dheweke
meh tinggal donya lan ngetohake nyawane
kanggo ngganepi apa kang isih kurang
sajroning anggonmu padha leladi marang aku.

3 1 Wasana sadulur-sadulurku, padha
bungaha ana ing patunggilane Gusti.

Kayekten kang sejati

3:1b-16

(3-1b) Mindhoni nulis maneh bab iki marang
kowe iku tumraping aku ora abot lan aweh
katamtuan marang kowe. 2 Dipadha ngati-ati
marang asu-asu, dipadha ngati-ati karo
wong-wong kang ala panyambut-gawene,
dipadha ngati-ati karo juru netaki kang palsu.
3 Awit iya kita iki kang tetakan ing sabenere,
kang padha ngabekti dening Rohe Gusti Allah
lan nggunggung ana ing Sang Kristus Yesus
lan ora ngandel marang prakara-prakara
kadagingan 4 sanadyan aku uga duwe
dhasar kumandel marang prakara-prakara
kadagingan.

Yen ana wong liya rumangsa bisa ngandel
marang prakara-prakara kadagingan, aku

iki luwih maneh: [5] ditetaki ing dina kang
kawolu, trahe bangsa Israel, saka taler
Benyamin, wong Ibrani tulen, kawawas
saka angger-anggering Toret aku wong
Farisi, [6] mungguhing kasregepan aku iki
tukang nguya-uya pasamuwan, mungguhing
kanyataan bab netepi angger-anggering Toret
aku tanpa cacad. [7] Nanging apa kang biyen
dadi kabegjan tumraping aku, saiki dakanggep
kapitunan marga saka Sang Kristus. [8] Malah
samubarang kabeh dakanggep kapitunan,
marga wanuh marang Sang Kristus Yesus,
Gustiku, iku mulyane ngungkuli kabeh-kabeh
mau. Iya marga saka Panjenengane iku aku
wus mbuwang samubarang kabeh iku lan
dakanggep larahan, supaya aku oleh Sang
Kristus [9] lan dumunung ana ing Panjenengane
iku ora marga saka kabeneranku dhewe kang
jalaran saka nglakoni angger-anggering Toret,
ananging marga saka pracaya marang Sang
Kristus, yaiku kabeneran peparinge Gusti Allah
adhedhasar pracaya. [10] Kang dakkarepake
yaiku wanuh marang Panjenengane lan
dayane wungune lan manunggil ing sajrone
sangsarane, temahan aku dadi madha rupa
lan Panjenengane ana ing sedane, [11] supaya
wekasane aku oleh patangen saka ing
antarane wong mati.

[12] Ora kok kaya-kaya aku wus kadunungan
bab iki utawa wus sampurna, nanging iku
dakburu, bokmanawa bisa kecandhak, awit aku
iya wus dicandhak dening Sang Kristus Yesus.
[13] Para sadulur, aku dhewe ora rumangsa

manawa aku wus bisa nyekel, [14] nanging iki
kang daklakoni: kalawan nglalekake apa kang
wus ana ing buriku lan manglung marang apa
kang ana ing ngarepku, aku mburu marang
tujuan supaya oleh ganjaran, yaiku timbalan
kaswargan kang saka ing Gusti Allah ing
sajrone Sang Kristus Yesus.
[15] Awit saka iku ayo kita, kang padha
sampurna iki duwea pamikir mangkono. Lan
manawa tumrap ing salah sawijining prakara
panemumu seje, Gusti Allah kang bakal
nyethakakake prakara iku marang kowe. [16] Mung
bae apa kang wus kita gayuh iku kita terusna
metu ing dalan kang wus kita liwati.

Pitutur-pitutur marang pasamuwan

3:17--4:1

[17] Para sadulur, padha nulada marang
aku lan ngiloa marang wong kang lakune
padha kaya aku kabeh, kang padha dadi
tetuladhanmu. [18] Awit, kaya kang wus kerep
banget dakkandhakake marang kowe kabeh,
lan kang saiki dakpratelakake maneh kalawan
nangis, akeh wong kang uripe dadi satruning
salibe Sang Kristus. [19] Wekasane wong-wong
iku nemahi karusakan, kang dadi allahe
wetenge, kang dadi kamulyane kanisthane,
pangangen-angene mung tumuju marang
prakara kadonyan. [20] Sabab kita iki wargane
Kratoning Swarga lan saka kono uga kita
nganti-anti Gusti Yesus Kristus kang dadi Juru
Slamet, [21] kang bakal nyantuni badan kita

kang nistha iki, temahan dadi madha rupa karo sarirane kang mulya, manut panguwaose kang bisa nelukake samubarang kabeh marang Panjenenane.

4 [1] Awit saka iku sadulur-sadulurku kang
daktresnani lan kang dakkangeni, kang dadi kabungahanku lan makuthaku, padha disantosa ana ing Gusti, he sadulur-sadulurku kang kinasih.

Pitutur-pitutur wekasan

4:2-9

[2] Euodhia dakpitututi lan Sintikhe iya
dakpitututi, dipadha golong-gilig ana ing
Gusti. [3] Lan aku uga duwe panjaluk marang
kowe, Sunsugos, kancaku kang tumemen: iku padha tulungana. Awit wong iku wus padha tarung bebarengan karo aku ana ing pakabaran Injil, sarta bebarengan karo Klemens lan kanca-kancaku nyambutgawe liyane, kang jenenge padha kapacak ana ing buku kauripan.

[4] Padha tansah bungah-bungaha ing sajroning
Gusti! Dakpindhoni maneh pituturku: Padha
bungah-bungaha! [5] Kabecikanmu iku
disumurupana ing wong kabeh. Gusti wus
celak! [6] Aja padha nyumelangake bab apa bae,
nanging padha lairna sakehing pepenginanmu marang Gusti Allah ing pandonga lan
panyuwun kalawan caos sokur. [7] Temahan
tentrem-rahayu kang saka ing Gusti Allah, kang ngungkuli saliring budi, bakal rumeksa

marang ati lan pangangen-angenmu ana ing
Sang Kristus.
8 Wasana, sadulur-sadulur, sabarang kang
nyata, sabarang kang luhur, sabarang kang
adil, sabarang kang suci, sabarang kang
sinebut kautaman lan pantes dialem, iku kabeh
padha pikiren. 9 Lan apa kang wus padha
koksinau lan kang koktampani, lan kokrungu
sarta kokdeleng ana ing aku, iku lakonana;
temahan Gusti Allah etuking tentrem-rahayu
bakal nunggal karo kowe kabeh.

Rasul Paulus paring tarima kasih ing bab pisungsunge sadulur pasamuwan Filipi

4:10-20

10 Aku bunagh banget ing sajrone Gusti,
dene wusanane angen-angen lan pangrasamu
tumrap aku tuwuh maneh. Kowe pancen
tansah padha migatekake, nanging ora ana
kobermu. 11 Bab iki dakkandhakake ora marga
kacingkrangan, awit aku wus sinau nyukupi
awakku dhewe ing sadhengahing kaanan.
12 Aku ngreti kacingkrangan iku apa lan iya
ngreti kaluberan iku apa. Ing sadhengah bab
lan ing sadhengah prakara ora ana kang
winadi tumrap aku; ing bab kawaregan,
ing bab kaluwen, ing bab kaluberan apa
ing bab kekurangan. 13 Sakehing prakara
bisa daksangga ana ing Panjenengane kang
paring kakuwatan marang aku. 14 Nanging iya
prayoga tumindakmu, dene kowe wus padha
melu ing karibedanku. 15 Lan kowe dhewe

uga padha sumurup, he wong-wong Filipi,
nalikane aku miwiti ngabarake Injil, nalikane
aku mangkat saka ing tanah Makedhonia, ora
ana pasamuwan siji-sijia kang etung-etungan
karo aku bab mlebu-metuning dhuwit, kajaba
kowe. 16 Amarga ana ing kutha Tesalonika
pisan pindho kowe wus ngirimake pitulungan
marang aku. 17 Mung bae kang daklengake
dudu paweweh iku, nanging wohe, kang
sangsaya nggedhekake kauntunganmu.
18 Saiki aku wus tampa kabeh kang prelu saka
kowe, malah luwih saka iku, aku kaluberan,
awit aku wus tampa kirimanmu lumantar
Epafrodhitus, pisungsung kang arum, korban
sesaosan kang nengsemake lan ndadekake
renaning Allah. 19 Gusti Allahku bakal nyekapi
kabeh kabutuhanmu laras karo kasugihaning
kamulyane ana ing Sang Kristus Yesus.
20 Gusti Allah iya Rama kita kaluhurna ing
salawas-lawase! Amin.

Salam

4:21-23

21 Salamku marang saben wong suci ana
ing Sang Kristus Yesus. Salam marang kowe
saka sadulur-sadulur kang bebarengan karo
aku. 22 Salam marang kowe saka sakehing
para suci, luwih maneh saka kang klebu para
abdine Sang Prabu.

23 Sih-rahmate Gusti Yesus Kristus anaa ing
rohmu kabeh!

KOLOSE

Salam

1:1-2

1 1 Saka Paulus, rasule Gusti Kristus Yesus,
kang marga dening karsane Gusti Allah,
lan saka sadulur kita Timoteus, 2 marang
para sadulur kang suci lan kang pracaya ana
ing patunggilane Gusti Kristus, kang ana ing
Kolose.
Sih-rahmat lan tentrem-rahayu saka Gusti
Allah Rama kita, anaa ing kowe kabeh.

Pamuji sokur lan pandonga

1:3-14

3 Aku tansah padha saos sokur marang
Gusti Allah, Kang Ramane Gusti kita Yesus
Kristus, lan ora pegat tansah ndongakake
kowe, 4 awit aku wus padha krungu bab
pracayamu ana ing Gusti Kristus Yesus,
mangkono uga bab katresnanmu marang para
suci, 5 kagawa saka pangarep-arep marang
apa kang wus digadhangake marang kowe
ana ing swarga. Mungguh pangarep-arep
mau ing sadurunge wus kokrungu saka ing
Pangandikaning kayekten yaiku Injil, 6 kang
wus padha koktampani. Injil mau metokake
woh lan mekar nyrambahi ing sajagad,

malah iya tekan ing antaramu wiwit ing dina
anggonmu krungu lan mangreti temenan
marang sih-rahmate Gusti Allah. 7 Sakabehe
iku mau sumurupmu saka Epafras kancaku
leladi kang daktresnani, kang tumrap ing
kowe dadi paladose Gusti Kristus kang setya.
8 Iya dheweke iku kang martani aku bab
katresnanmu ana ing patunggilane Roh.
9 Marga saka iku, wiwit aku oleh pawarta
mau, ora pegat anggonku ndongakake kowe.
Kang daksuwun supaya kowe kaparingana
sakabehing kawicaksanan lan kawruh
kasukman kanggo nyumurupi bab karsane
Pangeran kang kalawan sampurna, 10 temah
uripmu ana ing ngarsane bisa kalawan
sapatute lan ndadekakake keparenge tumrap
sadhengah prakara, lan sajrone nindakake
sakabehing panggawe becik bisa metokake
woh, lan maneh saya mundhak murni
kawruhmu ing bab Gusti Allah, 11 lan maneh
kowe padha kasantosakna sarana kakuwatan
panguwasaning kamulyane Pangeran, supaya
bab anggonmu ngrasakake samubarang kabeh
kalawan tumemen lan sabar. 12 Sabanjure
padha saosa sokur kanthi bungah marang
Sang Rama, kang wus memantes marang
kowe bisane kapanduman apa kang wus
katamtokake tumrap marang para suci kang
ana ing kratoning pepadhang. 13 Panjenengane
wus ngluwari kita saka panguwasaning
pepeteng, kaelih menyang kratone Sang Putra
kang kinasih. 14 Ana ing Panjenengane anggon

kita nduweni tetebusan, yaiku pangapuraning
dosa.

Bab pinunjule Gusti Kristus

1:15-23

15 Panjenengane iku citrane Gusti Allah
kang ora katingal, kang pambayun, kang
luwih pinunjul tinimbang samubarang
kabeh kang dititahake, 16 marga dumadine
samubarang kabeh iku dening Panjenengane,
iya kang ana ing swarga, iya kang ana
ing bumi, kang kasat mripat, lan kang
ora kasat mripat, dadia awujud dhampar
dadia kaprabon, apadene para pamarentah
lan para panguwasa; samubarang kabeh
katitahake dening Panjenengane lan lumadi
marang Panjenengane; 17 Panjenengane iku
anane sadurunge samubarang kabeh ana,
lan samubarang kabeh iku anane ana ing
Panjenengane; 18 Panjenengane iku jumeneng
dadi sesirahing sarira, yaiku pasamuwan.
Panjenengane dadi pambayun, kang ndhisiki
wungu saka ing antarane wong mati, mulane
kasebut pinunjul piyambak ing antarane
samubarang kabeh. 19 Marga kawontenane
Allah ing sawetahe kepareng dedalem ana
ing Panjenengane, 20 kang ngrukunake
samubarang kabeh karo sarirane, kang ana ing
bumi lan kang ana ing swarga; yaiku sawuse
ngawontenake pirukun sarana rohe Gusti
Kristus kang sinalib. 21 Mangkono uga kowe
kabeh kang maune urip adoh karo Gusti Allah,

sajroning ati lan pikiranmu lumawan marang
Panjenengane, kacihna saka panggawemu
kang ala, 22 saiki wus dirukunake ana ing
sarirane kadagingan Gusti Kristus sarana
sedane, supaya kowe padha tinemu suci
tanpa cacad lan resik anggonmu kasowanake
ana ing ngarsane. 23 Marga saka iku kowe
kudu padha mantep ing pracaya, tetep
santosa ora keguh, lan aja nganti nyleweng
saka ing pangarep-areping Injil kang wus
padha kokrungu, lan wus kagelarake ana ing
salumahing bumi sakurebing langit, lan aku
iki, Paulus, kang wis dadi paladose.

Bab leladi lan sangsarane Rasul Paulus

1:24--2:5

24 Saiki aku bungah dene aku ketaman
sangsara kang marga saka kowe, lan aku kang
ngganepi ana ing dagingku kakuranganing
sangsarane Gusti Kristus tumrap ing sarirane,
yaiku pasamuwan. 25 Aku wus dadi paladose
pasamuwan iku nyondhongi bubuhan kang
diparingake dening Gusti Allah marang
aku, yaiku nglantarake sabdane kalawan
sakatoge marang kowe, 26 yaiku wewadi
kang sumimpen sajroning pirang-pirang
jaman lan turun-tumurun, nanging kang
ing saiki wus kalairake marang para suci
kagungane. 27 Iku padha diparingi sumurup
sapira kaluwihaning kamulyane wewadi mau
ana ing antarane para bangsa liya, yaiku:
Gusti Kristus ana ing tengahmu, iya ana ing

Sang Kristus iku dununge pangarep-arep
marang kamulyan. 28 Iya Panjenengane iku
kang dakwartakake samangsa aku padha
mituturi lan mulang saben wong bab sarupane
kawruh kanggo nuntun saben wong marang
kasampurnan kang ana ing Gusti Kristus,
29 iku kang dakprasudi lan daktempuh
kalawan sakabehing kakuwatan laras karo
panguwasane Gusti kang makarya ana ing aku
kalawan kuwat.

2 1 Amarga karepku, supaya kowe padha
sumurupa, sapira abote perang kang
daktindakake kanggo kowe lan para wong
kang ana ing Laodhikia, lan iya kanggo sapa
bae kang durung tau weruh marang pribadiku
tata lair, 2 supaya padha lipura atine, lan padha
manunggal sajroning katresnan, satemah bisa
nyandhak kasugihaning kawruh kanthi yakin
lan nyumurupi kekerane Gusti Allah yaiku
Gusti Kristus, 3 sabab ana ing Panjenengane
sumimpene raja-brana kawicaksanan lan
kawruh. 4 Bab iki daklairake marang kowe,
supaya aja nganti ana wong kang mblithuk
kowe nganggo pitembungan kang endah.
5 Sabab sanadyan aku dhewe ora ana ing
tengahmu, nanging ana ing sajroning roh
aku lan kowe padha tetunggalan, lan aku
rumangsa bungah nyumurupi tumataning
uripmu lan kasantosaning pracayamu marang
Gusti Yesus.

Kasampurnaning urip ana ing Gusti Kristus

2:6-15

6 Kowe wus padha nampani Gusti Kristus
Yesus, Gusti kita, mulane uripmu tetepa
ana ing Panjenengane, 7 dinganti ngoyod lan
kabangun, ana ing Panjenengane, muga kowe
saya wuwuh kasantosanmu ana ing pracaya
kang wus diwulangake marang kowe, lan
muga atimu kebak panuwun.
8 Diprayitna, aja nganti ana kang nawan
kowe nganggo ngelmu rerekan lan piwulang
palsu kang tanpa isi manut wulange ila-ila lan
roh-rohing jagad, kang ora manut marang
Gusti Kristus. 9 Panjenengane iku kadunungan
Kaallahan sawetahe kang kasarira, 10 lan
kowe wus padha kapenuhan ana ing
Panjenengane, kang jumeneng sesirahe
sarupaning pamarentah lan panguwasa.
11 Ana ing Panjenengane anggonmu padha
katetakan, dudu tetak kang katindakake
dening manungsa, nanging sarana supite Gusti
Kristus kang awujud pangrucating badan kang
kadosan, 12 marga ana ing Panjenengane kowe
padha ndherek kakubur sarana baptis, lan
ana ing Panjenengane ndherek katangekake
dening pracayamu marang panguwasa
pakaryane Gusti Allah, kang wus ngwungokake
Panjenengane saka antarane wong mati.
13 Mangkono uga kowe, sanadyan ing maune
kowe padha mati dening panerakmu lan ora

tetak sacara lair, wus diuripake dening Gusti
Allah bareng lan Panjenengane, yaiku sawuse
Panjenengane ngapura sakehing panerak
kita, [14] sarana nyirnakake layang pratandha
utang, kang adhedhasar undhang-undhang
kang ndakwa lan ngancam marang kita. Dene
iku wus dilebur sarana kapaku ana ing kayu
salib. [15] Panjenengane wus mblejedi para
pamarentah lan para panguwasa, lan padha
kadadekake pangewan-ewan, amarga wus
padha dikalahake.

Ngupayaa bandha kang ana ing ngaluhur

2:16--3:4

[16] Sarehne mangkono aja nganti ana
wong kang ngukumi kowe bab mangan
lan ngombe, utawa bab dina riyaya, sasi
anyar lan dina Sabat. [17] Sabab iku kabeh
mung dadi wewayangane apa kang bakal
kalakon, mangka wujude yaiku Gusti Kristus.
[18] Aja nganti kaunggulanmu iku diwurungake
dening wong kang rewa-rewa andhap-asor
lan memuja marang malaekat, lan maneh
ngaku-aku ndeleng marang kaanan kang
ora katon, apadene tanpa waton anggone
gumunggung dening pamikire kang cara
kadonyan, [19] mangka dheweke ora ngugemi
marang Sesirah, kang dadi jalarane badan
sakojur saya mundhak marga saka sawabing
Allah, sabab katuwak lan tinalenan dadi siji
dening urat lan ros-rosan.

20 Yen kowe wus ndherek mati ana ing sedane
Gusti Kristus, lan luwar saka para rohing
jagad, yagene kowe kok isih nurut marang
pranatan rupa-rupa, kang ing semu kayadene
kowe isih padha urip ana ing donya, 21 kayata:
aja ndhemek iki, aja ngicipi kuwi, aja nyenggol
iki, 22 kabeh iku mung tumrap barang kang
kena ing rusak sajrone kagunakake, lan mung
nuruti piweling lan piwulange manungsa.
23 Pranatan-pranatan mau sanadyan ing semu
kebak isi kawicaksanan, nganggo pangibadah
rerekane dhewe, kayata: andhap-asor,
nyiksa-awak, iku ora ana paedahe kajaba
mung kanggo pamareming urip kadonyan.

3 1 Marga saka iku yen kowe wus padha
ndherek katangekake kalawan Gusti
Kristus, padha ngupayaa sabarang kang ana
ing ngaluhur, ing papan pinarake Gusti Kristus
ing satengene Gusti Allah. 2 Padha nggatekna
prakara kang ana ing ngaluhur aja kang ana
ing bumi. 3 Sabab kowe wus padha mati lan
uripmu iku sinengker kalawan Gusti Kristus,
ana ing Gusti Allah. 4 Yen Gusti Kristus kang
dadi urip kita iku ing tembe ngatingal, kowe
iya bakal padha ndherek ngaton kalawan
Panjenengane ana ing kamulyan.

Bab kamanungsan kang anyar

3:5-17

5 Mulane kowe padha matenana samubarang
kang asipat kadonyan kang ana ing awakmu,
yaiku laku jina, tindak rusuh, hawa nepsu,

kapencut, mangkono uga budi kethaha, kang
dadi ewone panyembah brahala, [6] kabeh iku
nekakake bebendune Gusti Allah (marang para
wong duraka). [7] Ing maune kowe iya padha
nglakoni mangkono iku nalika kowe isih padha
ngraketi marang iku. [8] Nanging saiki kabeh
mau buwangen, yaiku nepsu, brangasan,
piala, pitenah lan tembung-tembung saru
kang kawetu saka cangkemmu. [9] Aja nganti
kowe padha goroh-ginorohan maneh, marga
kowe wus padha ngrucat kamanungsan
lawas sapratingkahe, [10] lan wus ngrasuk
kamanungsan anyar kang tansah binangun,
supaya oleh kawruh sanyata kang miturut
citrane Kang Nitahake; [11] ing kono wus ora
ana wong Yunani utawa Yahudi, wong tetakan
lan wong ikutan, wong Barbar utawa won
Skit, batur tukon utawa mardika, nanging
Gusti Kristus iku kang ngabehi lan ana ing
samubarang kabeh.

[12] Mulane sarehne kowe wus padha dadi
pepilihane Gusti Allah, kang wus kasucekake
lan kinasihan, padha nyandhanga asih welas,
kaloman, andhap-asor, alusing bebuden lan
sabar. [13] Padha sabar-sinabarana kayadene
Gusti Allah anggone wus ngapura kowe, kowe
iya tumindaka mangkono uga. [14] Lan kang
ngungkuli sakabehe iku: nindakna katresnan,
iku kang ngesuhi lan nyampurnakake. [15] Muga
tentrem-rahayune Gusti Kristus ngereh ana
ing sajroning atimu, marga iya kaya mangkono
iku anggonmu padha katimbalan dadi badan
siji. Sarta saosa sokur. [16] Muga pangandikane

Sang Kristus dumunung ana ing antaramu
kalawan luber, satemah anggonmu padha
wuruk-winuruk lan eling-ingelingake nganggo
sakehing kawicaksanan apadene sinambi
nglagokake masmur lan puji-pujian sarta
kidung kasukman, kowe padha saos sokur
marang Gusti Allah sajroning atimu. 17 Lan
sadhengah apa kang koktindakake kalawan
tembung utawa kalawan panggawe, iku kabeh
lakonana atas asmane Gusti Yesus, kambia
saos sokur marang Gusti Allah, Rama kita
lumantar Panjenengane.

Pepacak kanggo brayat

3:18--4:6

18 He, para wong wadon, padha sumuyuda
marang somahmu, dikaya sapatute ana ing
patunggilane Gusti.
19 He, para wong lanang, bojomu tresnanana
lan aja nganti kokkasari.
20 He, bocah-bocah, padha manut-mituruta
marang wong tuwamu ing sadhengah prakara,
sabab iku ndadekake keparenge Gusti. 21 He,
para bapa, aja nglarakakake atine anakmu,
supaya aja nganti semplah.
22 He, para batur, mituhua marang
bandaramu kadonyan ing sadhengah prakara,
aja mung ana ing sapangarepan anggonmu
gawe senenge, nanging diklawan tulusing
ati kang marga saka wedi marang Gusti,
23 lan sadhengah apa kang koktindakake iku
tindakna kalawan terus ing batin kayadene

kagem Gusti, ora kanggo manungsa. [24] Kowe
wus padha sumurup, yen Gusti bakal maringi
panduman kang wus ditamtokake minangka
ganjaranmu. Gusti Kristus iku bandara, lan
kowe dadi abdine. [25] Sing sapa gawe luput, iku
bakal nyangga kaluputane, marga Gusti ora
mawang wong.

4 [1] He, para bandara, tumindaka adil lan
jujur marang baturmu, elinga yen kowe
uga duwe bandara ana ing swarga.
[2] Sing tegen ndedonga, lan sajrone mangkono
iku meleka kambi saos sokur. [3] Aku kabeh iya
dongakna, supaya Gusti Allah maringi dalan
tumrap anggonku padha nyebar pangandika,
lan bisa nyaritakake bab kekerane Gusti
Kristus, kang njalari anggonku kinunjara.
[4] Sarana mangkono iku aku bisa njlentrehake
bab mau ing samesthine.
[5] Tumindaka kanthi sakehing kawicaksanan
tumrap wong jaba, sarta padha nggemenana
wektu. [6] Calathumu sing tansah kebak
katresnan, aja cemplang, satemah kowe
sumurup, kapriye anggonmu bakal mangsuli
pitakone saben wong.

Panutup lan salam

4:7-18

[7] Bab kaananku sakabehe bakal diwartakake
marang kowe kabeh dening Tikhikus, sadulur
kita kang kinasih, abdi kang setya lan kanca
leladi ana ing Gusti. [8] Dheweke dakkongkon
nemoni kowe supaya kowe nyumurupi

kaananku kabeh lan supaya nglipur atimu.
9 Lakune dakkantheni Onesimus, sadulur
kita kang setya lan kinasih, wong saka ing
antaramu, iku bakal padha martakake marang
kowe samubarang kabeh kang kalakon ana ing
kene.
10 Salam marang kowe saka Aristarkhus,
kancaku kinunjara, lan saka Markus
kaponakane Barnabas -- tumrap dheweke
kowe rak wus tampa welingan -- iku yen
nekani kowe tampanana. 11 Lan salam saka
Yesus kang apeparab Yustus. Saka antarane
para wong tetakan, iya mung wong telu iku
rewangku nyambut-gawe kagem Kratone
Gusti Allah; iku padha ndadekake lipuring
atiku. 12 Salam saka Epafras marang kowe,
dheweke asline saka ing antaramu, iku abdine
Gusti Kristus Yesus, kang tansah ngganter
anggone ndongakake kowe, supaya kowe
tetep tanggon, kayadene wong-wong kang
diwasa lan kang yakin temenan marang apa
kang dadi karsane Gusti Allah. 13 Tumrap
dheweke aku bisa aweh paseksi, bab anggone
ngetog kekuwatan kanggo kowe lan para wong
ing kutha Laodhikia lan ing kutha Hierapolis.
14 Salam marang kowe saka Lukas, dokter
kang kinasih lan saka Dhemas.
15 Salamku marang para sadulur ing kutha
Laodhikia; uga marang Nimfa lan pasamuwan
kang ana ing omahe. 16 Sarta maneh
samangsa layang iki wus diwacakake ana ing
antaramu, arahen supaya diwacakake uga ana
ing pasamuwan Laodhikia, lan layang kang

marang Laodhikia supaya uga diwacakake ana
ing ngarepmu. 17 Lan Arkhipus kandhanana
mangkene: Poma gatekna, kwajiban leladi,
kang wus koktampani ing sajroning Gusti iku
supaya kok tetepana kalawan samesthine.
18 Salam saka aku Paulus. Salam iki daktulis
nganggo tanganku dhewe. Elinga yen aku
diblenggu. Sih-rahmat anaa ing kowe.

1 TESALONIKA

Salam

1:1

1 [1] Saka Paulus, Silwanus lan Timoteus
marang pasamuwane wong-wong ing
Tesalonika, kang ana ing Allah Sang Rama lan
ana ing Gusti Yesus Kristus. Sih-rahmat lan
tentrem-rahayu anaa ing kowe kabeh.

Wohing pakaryane Rasul Paulus

1:2-10

[2] Aku tansah padha saos sokur marang Gusti
Allah marga saka kowe kabeh kalawan ngelingi
kowe ana ing sajroning pandongaku. [3] Sabab
aku tansah padha eling marang pagaweaning
pracayamu, pambudi-dayaning katresnanmu
sarta kaantepaning pangarep-arepmu marang
Gusti kita Yesus Kristus ana ing ngarsane
Gusti Allah lan Rama kita. [4] Sarta aku padha
sumurup, he para sadulur kang kinasihan ing
Allah, yen Panjenengane wus milih marang
kowe kabeh. [5] Awit Injil kang kita wartakake
iku, ora mung kalantarake marang kowe kabeh
kalawan temung thok, nanging uga kalawan
daya kakuwatan lan ana ing Sang Roh Suci
sarta kalawan katamtuan sakatoge, kaya kang
wus padha koksumurupi, kapriye anggonku

padha tumindak ing gawe ana ing antaramu
marga saka kowe. 6 Lan kowe wis padha
dadi panganutku kabeh sarta panganute
Gusti; sajrone nandhang sangsara kang
abot anggonmu padha nampani pangandika
kalawan kabungahan kang saka ing Sang Roh
Suci, 7 satemah kowe padha dadi tetuladhan
tumrap kabeh wong pracaya ing tanah
Makedhonia lan ing tanah Akhaya 8 Amarga
ngumandhanging pangandikane Gusti saka ing
antaramu ora mung ana ing tanah Makedhonia
lan Akhaya bae, nanging ana ing ngendi-endi
wus misuwur pracayamu marang Gusti Allah,
mulane aku kabeh wis ora usah ngandhakake
bab iku. 9 Sabab wong-wong wis padha
nyritakake dhewe mungguh ing ngatase aku
sakanca kapriye anggonmu padha nampani
aku kabeh sarta anggonmu padha ninggal
brahala-brahala lan banjur mratobat marang
Gusti Allah tuwin leladi marang Gusti Allah
kang gesang lan sajati, 10 apadene nganti-anti
rawuhe Kang Putra saka ing swarga, kang wus
diwungokake saka ing antarane wong mati,
yaiku Gusti Yesus, kan ngluwari kita saka ing
bebendu kang bakal teka.

Anggone Rasul Paulus leladi ana ing Tesalonika

2:1-12

2 1 Kowe dhewe iya wus padha sumurup
para sadulur, yen anggonku padha teka
ana ing antaramu iku ora nglaha. 2 Ananging

sanadyan ing maune, kaya kang wus padha
koksumurupi, aku padha dikaniaya lan disiya-
siya ana ing kutha Filipi, ewadene marga saka
pitulunganing Allah kita, aku kabeh padha
oleh kakendelan anggonku padha ngabarake
Injiling Allah marang kowe kabeh ana ing
sajroning pakewuh kang abot. 3 Amarga kang
padha dakpituturake iku pinangkane ora saka
ing panasaran utawa saka ing kekarepan kang
ora murni sarta uga ora kaworan ing kaculikan.
4 Kosokbaline, sarehne Gusti Allah wus nggalih,
yen aku kabeh pantes kapitayanan Injil, iya
marga saka iku mulane anggonku padha
rembugan iku ora amrih senenging manungsa,
nanging supaya ndadekake keparenging
panggalihe Gusti Allah, kang neter ati kita.
5 Awit kowe padha sumurup, yen aku padha
ora tau nandukake tembung manis, utawa
nganggo budi kethaha kang kaalingan,
iki Gusti Allah kang nekseni, 6 sarta ora
padha ngarah pangalem saka ing manungsa
dadia saka kowe utawa saka wong-wong
liya, sanadyan aku padha bisa tumindak
mangkono, jalaran aku iki padha rasule Sang
Kristus. 7 Nanging kalawan rumaket anggonku
padha pitepungan ana ing tengahmu, wis
kaya patrape biyung anggone ngemong lan
ngopeni anake. 8 Kaya mangkono anggonku
padha nindakake katresnan kang gedhe
marang kowe kabeh, satemah kalawan legawa
anggonku padha mandumi marang kowe ora
ngemungake Injiling Allah bae, nanging uga
uripku kabeh, jalaran kowe kabeh padha

daktresnani. [9] Awit mesthine kowe isih padha
kelingan, para sadulur, marang kangelan lan
rekasaku kabeh. Anggonku padha nggelarake
Injiling Allah marang kowe iku, supaya aja
ngreribedi wong sawiji-wijia panunggalanmu,
padha dakkantheni nyambut-gawe rina wengi.
[10] Kowe padha dadi seksi, samono uga Gusti
Allah, kapriye anggonku padha alaku saleh,
adil lan tanpa cacad ana ing antaramu, kang
pracaya. [11] Kowe padha sumurup, kapriye
anggonku padha mituturi marang kowe
nyantosake atimu dhewe-dhewe kayadene
bapa marang anak-anake, [12] sarta anggonku
padha ngudi kalawan banget-banget, supaya
kowe kabeh padha urip laras karo karsane
Gusti Allah, kang nimbali kowe marang
Kratone lan kamulyane.

Karenan ing bab kaananing pasamuwan

2:13-20

[13] Awit saka iku aku iya tansah padha saos
sokur marang Gusti Allah, dene pangandikane
Gusti Allah kang padha dakwartakake
marang kowe iku wus padha koktampani,
ora kokanggep pituturing manungsa, nanging
-- lan iki pancen iya nyata mangkono --
kokanggep sabdaning Allah, kang uga
makarya ana ing kowe kang padha pracaya.
[14] Sabab kowe, para sadulur, wis padha
ngleluri pasamuwan-pamsamuwaning Allah
ing tanah Yudea, kang ana ing patunggilane
Gusti Kristus Yesus, awitdene kowe uga

wus padha nandhang sangsara marga saka
panggawene wong-wong kang tunggal bangsa
karo kowe, paha kaya pasamuwan ing kono
marga saka panggawene wong-wong Yahudi.
15 Malah wong-wong Yahudi mau wus nyedani
Gusti Yesus lan para nabi apadene wus
nganiaya marangaku kabeh. Apa kang dadi
keparenging Allah ora padha dipreduli sarta
kabeh wong padha dimungsuh, 16 awit padah
ngalang-alangi anggonku padha nggiyarake
pangandika marang bangsa-bangsa liya
supaya oleh karahayon. Dadine padha tansah
ngundhaki dosane sakatoge, lan saiki padha
ketaman ing bebendu tumeka ing wekasan.
17 Nanging aku kabeh, para sadulur, kang
wus sawatara mangsa pisah karo kowe
mungguh ing katone, nanging mungguh ing
ati ora, padha kangen banget karo kowe
temenan lan wis mbudi-daya bisane niliki
kowe. 18 Amarga niyatku kabeh arep nekani
kowe, -- aku, Paulus, malah ora mung
sapisan bae -- nanging padha kapalangan
dening Iblis. 19 Sabab sapa ta yen dudu kowe
kang dadi dununging pangarep-arep lan
kabungahanku kabeh, apadene makutha kang
padha dakagungake ana ing ngarsane Gusti
Yesus, Gusti kita, besuk ing dina rawuhe?
20 Sanyata kowe iku kang dadi kamulyan lan
kabungahanku kabeh.

Timoteus nggawa kabar becik

3:1-13

3 [1] Kang iku sarehne aku kabeh wus ora
kuwat mbetahake kangenku mau, mulane
banjur mutus ana ing kutha Atena bae dhewe.
[2] Aku banjur padha kongkonan Timoteus,
sadulur kang mbiyantu aku kabeh anggonku
padha nyambut-gawe kagem Gusti ing
bab martakake Injile Sang Kristus, supaya
nyantosakake atimu lan mituturi kowe kabe
ing bab pracayamu, [3] supaya aja ana wong
kang goyang pracayane marga saka anggone
nandhang kasusahan-kasusahan iki. Kowe
dhewe padha sumurup, yen kita iki padha
kagadhangake mangkono. [4] Amarga, uga
nalika aku isih padha ana ing antaramu, kowe
wus padha dakkandhani, yen kita bakal padha
ngrasakake sangsara. Sarta bab iki, kaya
kang wus koksumurupi, wus kalakon. [5] Iya iku
sababe, mulane marga saka ora bisa betah
maneh, aku nuli padha kongkonan dheweke,
supaya aku padha sumurup bab pracayamu,
jalaran aku kuwatir, manawa kowe wis padha
cinoba dening si panggdoha sarta manawa
pambudi-dayaku kabeh banjur dadi tanpa
guna. [6] Nanging saiki, bareng Timoteus wis
bali saka ing panggonanmu kalawan nggawa
kabar kang mbungahake bab pracayamu lan
katresnanmu, apadene bab anggonmu padha
tansah kelingan marang apa-apa kang becik
ing ngatase aku lan bab anggonmu kapengin

katemu karo aku, kayadene anggonku uga
padha kapengin katemu karo kowe, [7] dadine,
para sadulur, ana ing sajroning karupekan
lan kasangsaran, aku padha kalipur marga
saka kowe lan marga saka pracayamu. [8] Saiki
aku padha ngrasa urip maneh, anggere kowe
padha tetep ana ing Gusti. [9] Amarga apa
ta kang kena padha dakcaosake marang
Allah minangka panuwun ing bab sakehing
kabungahan, kang wus padha koktampani
marga saka kowe kabeh ana ing ngarsane
Allah? [10] Rina wengi aku padha ndedonga
kalawan mantheng, supaya bisaa ketemu
karo kowe lan nyampurnakake kakuranganing
pracayamu. [11] Muga-muga Panjenengane,
Gusti Allah iya Rama kiat, sarta Gusti Yesus,
Gusti kita, karsa paring margane aku padha
bisa katemu karo kowe. [12] Sarta maneh,
muga Gusti karsa ndadekake saya wuwuhing
katresnanmu nganti luber marang padha
sadulur lan marang wong kabeh, padha kaya
anggonku iya padha nresnani kowe. [13] Muga
Panjenengane karsaa nyantosakake atimu,
supaya tanpa cacad lan suci ana ing ngarsane
Gusti Allah iya Rama kita besuk samangsa
Gusti Yesus, iya Gusti kita, rawuh ginarebeg
ing sakehe para suci kagungane.

Pitutur supaya laku suci

4:1-12

4 [1] Wasana, para sadulur, panjaluk lan
pangatagku kabeh marang kowe ana ing

patunggilane Gusti Yesus: Kowe wus padha
krungu saka aku, kapriye kudune lakumu
supaya ndadekake keparenging Allah. Bab iku
pancen wus padha koktindakake, ewasamono
prayogane kowe sayaa luwih tumemen
anggonmu padha tumindak mangkono. 2 Kowe
uga wus padha mangreti marang pituduh-
pituduh kang wus padha dakwenehake marang
kowe awit saka asmane Gusti Yesus. 3 Amarga
kang dadi karsane Gusti Allah iku: kasucenmu,
yaiku supaya kowe padha nyingkiri laku jina;
4 saben wong panunggalanmu ngalapa wong
wadon siji dadi bojone dhewe sarta urip
ing sajroning kasucen lan kasusilan, 5 ora
marga saka derenging hawa-nepsu, kayadene
tumindaking won kang ora wanuh marang
Gusti Allah, 6 apamaneh ing bab iki wong aja
tumindak ora becik utawa ngapusi sadulure.
Amarga Pangeran iku kang bakal malesake iku
kabeh, kaya kang wus padha dakkandhakake
lan daktandhesake marang kowe. 7 Awit Gusti
Allah anggone nimbali kita iku ora supaya
alaku rusuh, nanging supaya nindakake apa
kang suci. 8 Mulane sing sapa nampik bab iki,
iku ora nampik manungsa, nanging nampik
marang Gusti Allah kang uga wus maringake
Rohe kang suci marang kowe kabeh. 9 Bab
katresnaning pasaduluran ora prelu daktulis,
awit kowe dhewe wus padha kawulang
tresna-tinresnan dening Pangeran. 10 Bab iku
uga koktindakake marang kabeh sadulur ing
saindenging tanah Makedhonia. Ewadene,
para sadulur, aku padha mrayogakake, supaya

kowe saya ngepengna anggonmu tumindak
mangkono. 11 Apadene anggepen sawijining
kaurmatan manawa bisa urip tentrem, bisa
ngurus prakara-prakaramu dhewe, sarta
bisa nyambutgawe kalawan tananmu, kaya
kang wus padha dakwelingake marang kowe
kae. 12 Satemah uripmu katon susila ana
ing ngarepe wong-wong ing jaba sarta ora
gumantung marang wong-wong mau.

Bab rawuhe Gusti

4:13-18

13 Anadene karepku, para sadulur, kowe
aja padha ketambuhan bab para wong
kang wis ngajal, supaya kowe aja padha
prihatin kaya wong-wong liya kang ora
duwe pangarep-arep. 14 Amarga yen kita
pracaya, manawa Gusti Yesus wus seda lan
wus kawungokake, kiat iya pracaya, yen
wong-wong kang wus ngajal ana ing Gusti
Yesus iku bakal padha diklumpukake dening
Gusti Allah bebarengan karo Panjenengane.
15 Iku padha dakkandhakake marang kowe
kalawan pangandikane Gusti: kita kang isih
urip, kang isih kari nganti tumeka rawuhe
Gusti, babar pisan ora bakal ndhisiki kang
wus padha ngajal. 16 Awit samangsa ana
tengara, yaiku samangsa malaekat pangedhe
nguwuh-uwuh sarta kalasangkaning Allah
kaunekakake, ing kono Gusti piyambak bakal
tumedhak saka ing swarga, lan wong-wong
kang ngajal ana ing Sang Kristus bakal padha

tangi dhisik. 17 Sawise mangkono kita kang
isih urip, kang isih kari, bakal padha kapulung
bareng karo kang mentas tangi mau ana
ing mega, methukake Gusti menyang ing
awang-awang. Mangkono sabanjure kita
bakal nunggal kalawan Gusti ing salawase.
18 Mulane kowe padha lipur-linipura kalawan
tembung-tembung iki.

Bab jumaga

5:1-11

5 1 Nanging, para sadulur, mungguh mangsa
lan wayahe ora prelu daktulis marang
kowe, 2 amarga kowe wus padha sumurup
dhewe kalawan cetha, yen dina rawuhe
Gusti iku tekane kaya maling ing wayah
bengi. 3 Manawa wong-wong padha kandha:
Saiki tentrem, ora ana bebaya -- mangka
dumadakan wong-wong padha katempuh ing
bilai, kayadene wong wadon kang ngandheg
dadakan nglarani -- mesthi ora bakal padha
bisa ngoncati. 4 Nanging kowe iku, para
sadulur, padha ora ana ing pepeteng, yen
ngantia kowe padha kebrejog ing dina ki
kaya tekaning maling, 5 amarga kowe kabeh
iku padha dadi anaking raina. Kita iku dudu
wong-wonging wengi utawa wong-wonging
pepeteng. 6 Awit saka iku prayogane kita
aja turu kaya wong-wong liyane, nanging
padha meleka lan sing waspada. 7 Jalaran
wong kang padha turu, iku turune ing wayah
bengi, lan kang padha mendem, iku anggone

mendem ing wayah bengi. 8 Nanging kita
iki wong-wonging raina, mulane kita kudu
waspada, kudu ngrasuk kerening pracaya lan
katresnan sarta atetopong pangarep-areping
karahayon. 9 Awit Gusti Allah ora nyadhangake
kita marang beendu, nanging supaya
oleh karahayon marga dening Gusti Yesus
Kristus, Gusti kita, 10 kang wus seda kanggo
kita, supaya kita dadia melek, dadia turu,
padha ndherek urip kalawan Panjenengane.
11 Mulane kowe padha eling-ingelingna lan
bangun-binanguna, kayadene kang pancen
padha koklakoni iku.

Pepeling warna-warna

5:12-22

12 Karodene, para sadulur, panjalukku kabeh
marang kowe: wong-wong kang padha
nyrempeng ing gawe ana ing antaramu, kang
nenuntun marang kowe ana ing patunggilane
Gusti sarta kang memerdi marang kowe,
13 iku padha ajenana kang banget kalawan
katresnan marga saka pagaweane. Tansah
padha rukuna.
14 Aku iya padha aweh pitutur marang
kowe, para sadulur, wong kang uripe padha
ora tumata iku perdinen, wong kang padha
cilik atine iku lipuren, wong kang ringkih
padha belanana. Sing sabar marang wong
kabeh. 15 Eling-elingen, aja nganti ana wong
kang males ala marang wong kang gawe
piala, nanging tansah padha ngudia marang

kabecikan, iya tumrap para sadulur, iya tumrap
wong kabeh.
[16] Tansah padha bungaha. [17] Aja kendhat
anggonmu ndedonga. [18] Padha ngunjukna
panuwun ing sabarang kang tinemu, awit iku
kang dikarsakake dening Gusti Allah ana ing
Sang Kristus Yesus tumrap kowe.
[19] Aja nyirep Sang Roh, [20] lan aja ngremehake
pamedharing wangsit. [21] Samubarang kabeh
iku titinen, dene kang becik anggonen.
[22] Padha ngedohana sarupaning piala.

Salam

5:23-28

[23] Muga Gusti Allah kang kagungan tentrem-
rahayu iku nucekake kowe ing sasampurnane
lan muga roh, jiwa lan badanmu rineksa becik
kalawan tanpa cacad, besuk rawuhe Gusti
Yesus Kristus, Gusti kita. [24] Panjenengane kang
nimbali kowe iku setya tuhu, Panjenengane
iya bakal ngleksanani.
[25] Para sadulur, aku kabeh padha dongakna.
[26] Salamku kabeh marang para sadulur
kalawan pangambung kang suci.
[27] Atas asmaning Gusti aku njaluk kanthi
banget marang kowe, poma layang iki kawacaa
ing ngarepe para sadulur kabeh.
[28] Sih-rahmate Gusti kita Yesus Kristus, anaa
ing kowe kabeh.

2 TESALONIKA

Salam

1:1-2

1 [1] Saka Paulus, Silwanus lan Timoteus,
marang pasamuwane wong-wong ing
Tesalonika ana ing Allah Rama kita lan ana
ing Gusti Yesus Kristus. [2] Sih-rahmat lan
tentrem-rahayu saka ing Allah, Rama kita, lan
saka Gusti Yesus Kristus anaa ing kowe kabeh.

Pamuji sokur lan pandonga

1:3-12

[3] Aku padha kawajiban tansah saos sokur
marang Allah marga saka kowe kabeh, para
sadulur. Lan pancen kudune mangkono,
awit pracayamu saya mundhak-mundhak
lan anggonmu padha tresna-tinresnan saya
banget [4] satemah ana ing pasamuwan-
pasamuwaning Allah aku kabeh padha
mongkog ing bab anggonmu padha mantep
sarta kumandel ana ing sajroning sakehe
panganiaya lan panindhes, kang padha
koksangga: [5] iku sawijining tandha-bukti bab
adiling pangadilaning Allah, kang mratelakake
yen kowe kabeh iku pantes dadi wargane
Kratone Gusti Allah, kowe kang saiki padha
nandhang sangsara marga saka Kraton iku.

6 Jalaran pancen wus sabenere mungguh ing
Gusti Allah malesake panganiaya marang
wong-wong kang padha nganiaya kowe
7 sarta amrih leganing atimu kan padha
ditindhes, lan uga tumrap marang aku kabeh,
samangsa Gusti Yesus saka ing swarga
ngatingal ginarebeg ing para malaekate,
ngagem panguwasane, ing sajroning geni kang
murub makantar-kantar, 8 lan ndhawahake
piwales marang wong-wong kang padha ora
gelem wanuh marang Gusti Allah sarta ora
mbangun-miturut marang Injile Gusti Yesus,
Gusti kita. 9 Wong-wong iku bakal nglakoni
paukuman, nandhang karusakan salawase,
diedohake saka ing pangayunaning Pangeran
lan saka ing kamulyaning panguwaose
10 besuk samangsa Panjenengane rawuh ing
dina iku, supaya kaluhurake ana ing antarane
para suci kagungane, sarta supaya kabeh
wong kang pracaya padha kagawokan, awit
paseksen kang wus padha daklairake marang
kowe kabeh, iku wus koktampani kalawan
pracaya. 11 Awit saka iku aku kabeh tansah
padha ndedonga, uga kanggo kowe kabeh,
supaya Allah kita karsa nganggep marang
kowe sembada tumrap ing timbalane lan
kalawan panguwaose karsaa nyampurnakake
sedyamu arep nindakake kabecikan sarta
karsaa nyampurnakake sakehe panggawening
pracayamu, 12 satemah asmane Gusti Yesus,
Gusti kita, kaluhurake ana ing kowe kabeh lan
kowe kabeh ana ing Panjenengane, miturut

sih-rahmating Allah kita lan Gusti Yesus
Kristus.

Tumindaking duraka sadurunge Gusti rawuh

2:1-12

2 [1] Bab rawuhe Gusti kita Yesus Kristus lan
anggon kita bakal katunggalake kalawan
Panjenengane, panjalukku kabeh marang
kowe para sadulur, [2] supaya kowe aja padha
enggal-enggal bingung lan kuwatir, marga
saka wangsiting roh utawa marga saka
pakabaran lan apa marga saka layang kang
diakokake saka aku kabeh, kaya-kaya wus
tumeka ing dinane Gusti. [3] Kowe aja nganti
padha disasarake dening wong kalawan patrap
kapriye bae! Awitdene sadurunge tekane Dina
iku mesthi ana pamurtad dhisik lan kababar
dhisik si manungsa duraka, kang kudu sirna,
[4] yaiku si panglawan kang ngunggul-unggulake
awake dhewe ngluwihi sakabehe kang kasebut
Allah utawa sesembahan, malah banjur
lungguh ing Padaleman Suci sarta ngaku Allah.
[5] Apa kowe ora padha eling yen bab iku wus
kerep dakkandhakake marang kowe, nalika
aku isih ana ing tengahmu? [6] Dene saiki kowe
padha sumurup kang ngampah dheweke iku
apa, satemah lagi bakal jumedhul ing wektu
kang wus katamtokake tumrap dheweke.
[7] Amarga kanthi patrap dhedhemitan duraka
iku wis wiwit tumindak ing gawe, nanging
saiki isih ana kang mekak. Manawa kang

mekak iku wus kasingkirake,
8 ing wektu iku si pangawak duraka lagi bakal muncul, nanging nuli bakal katumpes dening Gusti Yesus kalawan ababing tutuke lan bakal kasirnakake, samangsa Panjenengane rawuh maneh.
9 Tekane si pangawak duraka iku marga saka panggawening Iblis, tuwin bakal kinanthenan kasekten warna-warna sarta pratandha-pratandha apadene mukjijat-mukjijat palsu;
10 kalawan reka-daya ala rupa-rupa tumrap wong-wong, kang mesthi bakal sirna, jalaran ora padha nampani kayekten kang bakal bisa ngolehake karahyone.
11 Yaiku sababe Gusti Allah anggone banjur ndhatengake panasaran, kang njalari wong-wong mau padha pracaya marang kang goroh,
12 supaya kabeh wong kang ora pracaya marang kayekten lan seneng marang panggawe ala padha diukum.

Dipilih supaya slamet

2:13-17

13 Nanging aku kudu padha saos sokur marang Gusti Allah marga saka kowe kabeh, para sadulur, kang kinasihan ing Pangeran, amarga Gusti Allah wiwit sakawit wis milih kowe kabeh supaya slamet ana ing sajroning Roh, kang nucekake kowe lan ana ing sajroning kayekten kang wis padha kokandhemi.
14 Mangkono iku karsane anggone panjenengane nimbali kowe kabeh lumantar Injil, kang padha dakwartakake, satemah kowe padha oleh kamulyane Gusti

Yesus Kristus, Gusti kita. [15] Mulane dipadha
bakuh lan padha ngantepana piwulang-
piwulang kang wus padha dakwenehake
marang kowe kabeh, kanthi patrap lisan
utawa katulis. [16] Anadene Panjenengane,
Gusti kita Yesus Kristus, lan Gusti Allah, Rama
kita, kang sajroning sih-rahmate wus ngasihi
kita sarta kang wus ngganjar panglpur kang
langgeng tuwin pangarep-arep becik marang
kita, [17] muga karsaa paring panglipur lan
nyantosakna atimu ing sajroning panggawe
sarta pitembungan kang becik.

Ndedonga lan tumindak ing gawe

3:1-15

3 [1] Sabanjure, para sadulur, aku kabeh padha
dongakna, supaya pangandikane Gusti
saya maju lan diluhurake, padha kayadene
kang wus kalakon ana ing antaramu, [2] lan
supaya aku padha uwal saka para wong kang
gawe rusuh lan para wong ala. Sabab ora
kabeh wong kadunungan pracaya. [3] Nanging
Gusti iku setya-tuhu. Panjenengane bakal
nyantosakake atimu lan ngayomi kowe kabeh
saka ing piala. [4] Anadene aku kabeh padha
pracaya ana ing Gusti, yen apa kang wus
padha dakpituturake marang kowe, iku padha
koklakoni lan bakal koklakoni. [5] Muga Gusti
lestari madhepake atimu marang katresnaning
Allah lan marang kamantepaning Sang
Kristus. [6] Nanging welingku kabeh marang
kowe, para sadulur, atas asmane Gusti Yesus

Kristus, padha sumingkira saka sedhengah
sadulur kang ora nindakake kawajibane lan
kang ora manut marang piwulang kang wus
dakwenehake marang kowe. 7 Sabab kowe
dhewe padha sumurup, kapriye anggonmu
kudu padha nulad marang aku kabeh, amarga
aku padha ora nglirwakake pagawean ana ing
antaramu 8 sarta ora tau mangan rotining liyan
kanthi lelahanan, nanging aku kabeh padah
mbudi-daya lan nyambut-gawe rina wengi
kalawan rekasa, supaya aja dadi gawene sapa
bae ana ing antaramu. 9 Ora marga saka aku
padha ora duwe hak ing bab iku, nanging
marga saka aku kabeh supaya dadia tuladha
tumrap kowe, supaya koktulad. 10 Sabab, uga
nalika aku padha ana ing tengahmu, aku
padha aweh pepenget iki marang kowe kabeh:
wong kang ora gelem nyambut-gawe iku iya
aja mangan. 11 Iki dakkandhakake amarga
aku padha krungu, yen ana wong kang uripe
ora tumata lan ora nyambut-gawe, nanging
mung tansah nindakake bab-bab kang ora ana
paedahe. 12 Wong-wong kang kaya mangkono
iku padha dakelingake lan padha dakpituturi
ing sajroning Gusti Yesus Kristus supaya padha
lestaria nindakake pagaweane kanthi tentrem
sarta padha mangana rejekine dhewe kalawan
tumindak mangkono iku. 13 Anadene kowe
kabeh, para sadulur, aja jeleh-jeleh anggonmu
padha nindakake panggawe becik. 14 Manawa
ana wong kang ora gelem ngrungokake
kandhaku ing layang iki, iku pengetana lan aja
srawungan karo dheweke, supaya isin. 15 Mung

bae aja kokanggep mungsuh, nanging elingna kaya sadulur.

Salam

3:16-18

16 Anadene Panjenengane, Gustining
tentrem-rahayu, muga tansah paring
tentrem-rahayu marang kowe kabeh ing
sadhengaha kaanan. Muga Gusti nunggila
karo kowe kabeh.
17 Salam saka aku, Paulus.
Salam iki daktulis nganggo tanganku dhewe.
Iki minangka tengeran ing saben layang:
mangkene iki tulisanku.
18 Sih-rahmate Gusti
Yesus Kristus, Gusti kita, anaa ing kowe kabeh.

1 TIMOTEUS

Salam

1:1-2

1 [1] Saka Paulus, rasule Gusti Kristus Yesus
manut dhawuhe Gusti Allah, Juruslamet
kita, lan Gusti Kristus Yesus, dhasaring
pangarep-arep kita, [2] marang Timoteus,
anakku kang sayekti ing sajroning pracaya:
sih-palimirma, rahmat lan tentrem-rahayu
saka Gusti Allah Sang Rama lan Gusti Kristus
Yesus, Gusti kita anaa ing kowe.

Bab piwulang panasaran

1:3-11

[3] Nalika aku arep nerusake lakuku menyang
ing wilayah Makedhonia, kowe wus dakwanti-
wanti, supaya terusa ana ing kutha Efesus
lan mituturi wong-wong saweneh, supaya
aja aweh piwulang liyane [4] utawa ngelengake
dongeng lan sarasilah kang ora ana uwis-
uwise, kang mung ngolehake bab-bab kang
mung dadi rembug thok, sarta dudu tatanan
kaslametan kang diparingake dening Gusti
Allah sajroning pracaya. [5] Mangka karepe
pitutur iku katresnan kang jumedhul saka ing
ati kang resik, saka swaraning batin kang
murni lan saka pracaya kang tulus eklas.

6 Nanging ana wong kang nyimpang saka ing
dalan iku lan kesasar ana ing paguneman
kang tanpa guna. 7 Wong iku padha arep dadi
guruning angger-anggere Toret, mangka ora
mangreti marang tembung-tembunge dhewe
sarta marang bab kang baku-baku, kang
diwulangake kanthi tandhes. 8 Kita padha
sumurup, yen angger-anggering Toret iku
becik, manawa bener anggone ngecakake,
9 yaiku kanthi yakin, yen angger-anggering
Toret iku ora kanggo wong kang sampurna,
nanging kanggo wong murangsarak lan wong
kang uripe tanpa tatanan, wong lamis lan
wong dosa, wong kang engenake kadonyan
lan wong kang tanpa agama, kang mateni
bapa lan mateni biyunge, kang mateni wong,
10 wong kang laku jina, kang laku jindik, kang
nyulik wong, wong dora cara, wong kang nerak
supata, lan sabanjure samubarang kabeh kang
cengkah kalawan piwulang kang bener, 11 kang
adhedhasar Injiling Gusti Allah kang luhur lan
rahayu dhewe, kaya kang wis kapitayakake
marang aku.

Pamuji sokur ing bab sih-palimirmaning Allah

1:12-17

12 Aku saos sokur marang Panjenengane,
kang nyantosakake aku, yaiku Gusti Kristus
Yesus, Gusti kita, amarga Panjenengane
karsa nganggep aku tumemen, sarta banjur
kaparingan bubuhan leladi iki, 13 aku kang

maune dadi wong kang ngala-ala, nganiaya lan
ngrodaparipeksa, nanging aku wus karentahan
sih-palimirmane, awit iku kabeh daklakoni
marga saka ora ngreti, yaiku jalaran ora
pracaya. 14 Malah sih-rahmate Gusti kita iku
wus kaparingake marang aku nganti luber
kalawan pracaya lan katresnan ing sajroning
Sang Kristus Yesus. 15 Iki tembung kang
satuhu lan wajib diugemi temenan, "Sang
Kristus Yesus rawuh ing donya prelu mitulungi
rahayu marang wong dosa," lan panunggalane
iku aku iki kang gedhe dhewe dosaku.
16 Nanging malah iya marga saka iku aku
banjur karentahan palimirma, supaya Gusti
Yesus Kristus nelakna katoging kasabarane
ana ing aku, kang gedhe dhewe dosaku, sarta
dadia pangilon tumrap wong kang bakal padha
pracaya marang Panjenengane, satemah oleh
urip langgeng. 17 Ratune sakabehing jaman,
Gusti Allah kang langgeng kawontenane,
kang ora katingal, kang asipat tunggal,
iku kacaosana hurmat lan kamulyakna ing
salawase! Amin.

Kawajibane Timoteus

1:18-20

18 Kawajiban iku dakpasrahake marang kowe,
anakku Timoteus, cundhuk karo apa kang wus
kawangsitake tumrap kowe, supaya marga
saka kasantosakake dening wangsit iku, kowe
banjur nglakoni perang kang utama kalawan
ngantepi ing pracaya lan swaraning batin

kang becik. [19] Ana wong sawatara kang wus
ngemohi swaraning batine kang becik iku,
satemah pracayane ilang. [20] Panunggalane
yaiku Himeneus lan Aleksander, kang wus
dakpasrahake marang Iblis, supaya padha
kapoka anggone ngala-ala.

Bab pandonganing pasamuwan

2:1-7

2 [1] Kang dhisik dhewe dakpituturake: Padha
ngaturna panyuwun, pandonga, lan pamuji
sokur tumrap ing wong kabeh, [2] tumrap
para ratu sarta tumrap sakehing panggedhe,
supaya urip kita bisaa tentrem lan ayem
ana ing sajroning sakehing kamursidan lan
kaurmatan. [3] Yaiku kang becik lan kang gawe
renaning panggalihe Gusti Allah, Pamarta
kita, [4] kang ngarsakake, supaya wong kabeh
padha kapitulungan rahayu lan padha oleh
pangawruhing kayekten. [5] Amarga Gusti Allah
iku asipat tunggal, samono uga Panjenengane
kang dadi pantawis kiat ing antarane Gusti
Allah lan manungsa iku uga mung siji, yaiku
Sang Manungsa Kristus Yesus, [6] kang wus
masrahake sarirane minangka panebus
kanggo wong kabeh: iku kang dadi paseksen
ing wektu kang wus pinasthi. [7] Iya kanggo
paseksen iku aku wus katetepake dadi juru
pawarta lan rasul, -- kandhaku iku bener,
aku ora goroh -- lan dadi gurune wong kang
dudu wong Yahudi, ing sajroning pracaya lan
kayekten.

Tatanan tumrap wong lanang lan wadon ing sajroning pakumpulan pangibadah

2:8-15

8 Kang iku karepku wong lanang supaya
padha ndedongaa ana ing saenggon-enggon
kalawan ngulukake tangan kang suci, aja
nganggo nepsu utawa padudon. 9 Mangkono
uga wong wadon prayoga manganggoa
kang pantes, susila lan prasaja, rambute
aja diklabang, aja nganggo mas-masan,
mutiara utawa sandhangan kang larang-
larang, 10 nanging manganggoa sandhangan
panggawe becik, dikaya sapatute wong wadon
kang ngabekti ing Allah. 11 Wong wadon iku
kudune jatmika lan nampanana piwulang
kalawan mbangun-turut. 12 Wong wadon ora
dakwenangake memulang sarta mengku
marang kang lanang, nanging sing jatmika.
13 Awitdene Bapa Adam kang katitahake
dhisik, tumuli Ibu Kawa. 14 Lan maneh dudu
Bapa Adam kang kena ing panggodha, nanging
wong wadon iku kang kena ing panggodha lan
tumiba ing dosa. 15 Nanging wong wadon bakal
kapitulungan rahayu marga saka anggone
anak-anak, angger ngantepi ing pracaya lan
katresnan sarta kasucen kalawan jatmika.

Wewaton tumrap para pamomonging pasamuwan

3:1-7

3 [1] Iki tembung kang satuhu, “Manawa wong
kapengin nggayuh marang kalungguhan
pamomong, iku kapengin nindakake pagawean
kang adi.” [2] Mulane juru pamomong iku kudu
tanpa cacad, kang arabi siji, bisa ngendhaleni
dhiri, wicaksana, tata-krama, dhangan aweh
pamondhokan, baud memulang, [3] ora karem
ngombe minuman keras, ora gampang nepsu,
nanging sumanak, dhemen ngrukunake, ora
ngawula marang bandha, [4] dadi kepalaning
brayate kang becik, kang dieringi lan diajeni
dening anak-anake. [5] Manawa wong ora bisa
ngemudheni brayate dhewe, kapriye anggone
bisa ngurus pasamuwaning Allah? [6] Aja wong
kang lagi bae mratobat, supaya aja dadi
gumunggung lan kena paukumaning Iblis.
[7] Apamaneh iya kudu kaseksenan becike
ana ing sajabaning pasamuwan, supaya aja
kena ing panggugating wong lan tumiba ing
kalaning Iblis.

Wewaton tumrap para juru pamulasara

3:8-13

[8] Mangkono uga para juru pamulasara
iya kudu wong kang kajen, kang ora ilat
rangkep, ora karem anggur, ora srakah,
[9] nanging wong kang bisa nyimpen wewadining

pracaya ing sajroning swaraning batine
kang suci. [10] Apamaneh sadurunge kudu iya
diteter dhisik. Sawise mangkono lagi padha
ditetepake ing bubuhan leladi, iku sawise
kacihna yen tanpa cacad. [11] Kang wadon
mangkono uga kudu kang kajen, kang ora
dhemen mitenah, bisa ngendhaleni dhiri sarta
kena dipracaya ing samubarang kabeh. [12] Juru
pamulasara iku kudu kang arabi siji sarta
kang prayoga anggone ngurus anak-anake
lan brayate. [13] Amarga wong-wong kang
becik anggone leladi iku oleh kalungguhan
kang becik satemah marga saka anggone
pracaya marang Gusti Kristus Yesus bisa aweh
paseksen kalawan kendel.

Pasamuwane Gusti Allah dadi dhasar lan pikukuhing kayekten

3:14-16

[14] Kabeh iku mau dakpacak ana ing layangku
marang kowe, sanadyan pangarep-arepku
bisaa enggal nekani kowe. [15] Dadi yen ana
kasepku kowe bisa nyumurupi, uripe brayating
Allah iku kudune kapriye, yaiku pasamuwane
Gusti Allah kang asipat gesang, sesaka
pikukuh lan dhasaring kayekten. [16] Sarta
sanyata linuhur wewadine pangibadah kita
iku:

“Panjenengane kang wus ngatingal awujud
manungsa
wus kaleresake marga dening Roh kang
ngatingal

marang para malaekat, kawartosake ana ing
antarane
para bangsa kang ora wanuh marang Gusti
Allah;
kang dipracaya ana ing jagad,
iku wus kasengkakake marang kamulyan."

Kawajibane Timoteus sajrone lelayanan karo guru panasaran

4:1-16

4 [1] Ananging ana pangandikaning Roh kang
cetha, yen ing tembe bakal ana wong
kang padha murtad banjur ngeloni roh-roh
panasaran lan piwulanging setan-setan
[2] marga saka kena pambujuking wong
doracara, kang swaraning batine nganggo
cape wong-wong mau, [3] kang menging
jejodhoan, akon nyirik bangsane pangan,
kang katitahake dening Gusti Allah, supaya
dipangan kalawan saos sokur dening para
wong kang pracaya lan kang wus wanuh
marang kayekten. [4] Awitdene kabeh kang
dititahake dening Allah iku becik, lan siji
bae ora ana kang karam, angger ditampani
kalawan saos sokur, [5] amarga iku kabeh wus
kasucekake dening pangandikane Gusti Allah
lan dening pandonga.
[6] Manawa sadulur-sadulur kita padha
kokelingake marang bab-bab iku, kowe bakal
dadi paladene Sang Kristus Yesus kang becik,
kang kagulawenthah ing bab-bab lakuning
pracaya kita sarta ing bab piwulang kang

becik-becik kang wus kokleluri nganti saprene
iki. 7 Nanging gugontuhon tuwin dongenge
si nini-nini iku dohana. Nggegulanga ing
pangibadah. 8 Nggegulang ing kajasmanen iku
paedahe mung sathithik, nanging pangibadah
iku maedahi tumrap samubarang kabeh, awit
iku ngemot prajanjian kanggo urip ing saiki
lan ing tembe. 9 Iki pitutur kang bener lan
wajib ditampani kalawan temen-temen. 10 Awit
iya iku sababe anggon kita padha nglakoni
rekasa lan ngetog kakuwatan, jalaran kita
padha nduweni pangarep-arep marang Gusti
Allah kang gesang, kang dadi Pamartane wong
kabeh, angka siji kanggo para wong kang
pracaya.
11 Iku kabeh wartakna lan wulangna.
12 Aja nganti ana wong kang nyepelekake
kowe, marga kowe isih enom. Kowe
dadia tuladha tumrap para wong kang
pracaya ing bab tembung-tembungmu,
tindak-tandukmu, katresnanmu, kasetyanmu
tuwin ing bab kasucenmu. 13 Ing sabanjure
kowe ngantepana anggonmu macakake
Kitab-kitab Suci, anggonmu mbangun lan
memulang nganti satekaku. 14 Aja nglirwakake
kawajibanmu migunakake sih-rahmat kang
ana ing kowe, kang wus kaparingake marang
kowe sarana pamedhar-wangsit lan sarana
tumpangan tangan dening parepataning
para pinituwa. 15 Iku kabeh wigatekna, urip
mudikaya mangkono, supaya kamajuanmu
tetelaa marang wong kabeh. 16 Diawas marang
awakmu dhewe lan piwulangmu. Aja kemba-

kemba anggonmu nindakake iku kabeh, amarga manawa kowe tumindak mangkono, kowe bakal mitulungi iya awakmu dhewe, iya kabeh wong, kang padha ngrungokake marang pituturmu.

Bab sadulur-sadulur kang tunggal pracaya

5:1-2

5 [1] Aja tumindak keras marang wong kang
wis tuwa, nangin elingna kayadene
marang bapa; wong nomnoman padha elingna
kayadene sadulurmu, [2] para wong wadon kang
wis tuwa kayadene ibu, para wong wadon
kang isih enom kayadene adhimu, kalawan ati
kang resik.

Tumrap para randha

5:3-16

[3] Para randha kang pancen randha temenan
iku padha ajenana. [4] Nanging randha kang
duwe anak utawa putu, anak utawa putune iku
kudu sinau ngatonake bektine dhisik marang
kulawangsane dhewe lan males kabecikane
wong tuwane tuwin embahne, amarga iku
kang ndadekake keparenging Allah. [5] Dene
randha kang pancen randha temenan, kang
ketrini, iku duwe pangarep-arep marang
Gusti Allah lan tansah nenuwun lan ndedonga
rina wengi. [6] Nanging randha kang uripe
ngedab-edabi lan ngleluwihi, iku wus mati
sajrone isih urip. [7] Para randha iya padha

elingna marang bab-bab iki, supaya uripe
tanpa cacad. [8] Dene manawa ana wong kang
ora mikir marang kulawangsane, apamaneh
brayate, iku wis nyingkur pracayane lan luwih
ala katimbang karo wong kang ora pracaya.
[9] Randha kang dicatheti iku kang umure ora
kurang saka sawidak taun, kang mung omah-
omah sapisan [10] lan kang wus kaseksenan
panggawene becik, kayata: ngulawenthah
anak, dhemen aweh pamondhokan, ngwisuhi
sikile para sadulur kang tunggal pracaya,
nulungi wong kang uripe kesrakat, cekake
kang mrelokake sadhengah panggawe becik.
[11] Nanging para randha kang luwih enom
iku aja kokcatheti. Awit manawa kapanduk
ing asmara kang misahake saka Sang
Kristus, banjur padha kapengin omah-omah,
[12] satemah nekakake paukuman tumrap
awake dhewe, marga padha nyingkur marang
kasetyane sakawit marang Panjenengane.
[13] Sarta maneh padha kulina mlebu metu
ing omahing wong kalawan nganggur, lan
malah ora mung nganggur bae, nanging iya
karo ngoceh lan nyampuri prakarane wong
liya sarta ngandhak-ngandhakake bab-bab
kang ora pantes. [14] Awit saka iku karepku
randha-randha kang isih enom iku padha
omah-omaha maneh, padha anak-anaka,
nuntun brayate sarta aja padha aweh
dhadhakaning pangala-ala marang satru, kang
katujokake marang kita. [15] Marga wis ana
randha sawatara kang kesasar nuruti Iblis.
[16] Manawa ana wong lanang utawa wadon

kang pracaya, kang brayate ana randhane, iku dibiyantonana, supaya ora dadi rereksaning pasamuwan, satemah pasamuwan bisa rumeksa marang para randha kang pancen kapiran.

Pituduh lan pitutur maneh sawatara

5:17--6:2a

17 Para pinituwa kang becik pangrehe iku pantes diajeni tikel kaping pindho, luwih maneh kang kabubuhan kotbah lan memulang.
18 Rak ana pangandika ing Kitab Suci kang wiraose mangkene: “Sapi kang lagi dianggo nutu iku aja sira brongsong cangkeme,” lan: “Wong kang nyambut-gawe iku patut oleh
pituwase.” 19 Aja nampani pandakwa marang pinituwa, kajaba yen ana seksine loro utawa
telu. 20 Kang padha nglakoni dosa iku welehna ana in ngarepe wong kabeh, supaya wong-
wong liyane uga padha wedi. 21 Piwelingku marang kowe kalawan temen-temen ana ing ngarsane Gusti Allah lan Gusti Kristus Yesus sarta para malaekat pepilihane: pituduh iki wigatekna tanpa kasujanan lan tumindakmu tumrap ing samubarang kabeh ditanpa pilih
kasih. 22 Aja kesusu numpangi tangan marang wong lan aja nganti katut-katut ing dosane wong liya. Awakmu dhewe jaganen dhisik.
23 Aja mung ngombe banyu thok bae maneh, nanging dokokana anggur sathithik, marga wetengmu rewel lan awakmu kerep lara.

[24] Dosane wong sawatara iku cetha banget,
nganti kaya-kaya ndhisiki wong-wong mau
menyang ing pangadilan, nanging dosane
wong sawatara maneh lagi kacetha besuk.
[25] Samono uga panggawe becik iku enggal
kacetha, lan yen ora mangkono, iku iya ora
bisa terus-terusan kaaling-alingan.

6 [1] Kabeh wong kang nyangga gawening
batur-tukon, iku ngajenana marang
lurahe kaanggepa yen wus samesthine kudu
kinurmatan, supaya asmaning Allah lan
piwulang kita aja nganti kaalakake. [2] Manawa
lurahe mau wong pracaya, aja nganti dikurangi
anggone dieringi, aja dupeh sadulure ana
ing Sang Kristus, nanging malah disaya
becik anggone ngladeni, amarga lurah kang
nampani berkahing leladine iku sadulur kang
pracaya lan kang kinasih.

Bab pinter guneman kang kena diarani lelara sarta bab karem bandha

6:2b-10

(6-2b) Kabeh iki wulangna lan pituturna.
[3] Manawa ana wong kang aweh piwulang kang
ora cundhuk karo ujar kang bener -- yaiku
pangandikane Gusti kita Yesus Kristus -- lan
kang ora cocog karo piwulang kang laras
kalawan pangibadah kita, [4] iku wong kang
kaya-kaya ngreti nanging lugune ora ngreti
apa-apa, kepatuh dhemen golek-golek prakara
lan bebantahan, kang njalari drengki, padu,
pangala-ala, sujana, [5] regejegan ing antarane

wong-wong kang pikirane ora waras maneh
lan kang wis kelangan kayekten, kang ngira
yen pangibadah iku sumbering kauntungan.
6 Pancen pangibadah iku manawa dikantheni
pamarem, aweh kauntungan gedhe. 7 Sabab
kita ora nggawa apa-apa menyang ing donya
lan uga ora bisa nggawa apa-apa lunga.
8 Angger wis ana pangan lan sandhang, wis
cukup. 9 Anadene wong-wong kang padha
kapengin sugih padha tumiba ing panggodha
lan ing kala tuwin kadunungan pepenginan
warna-warna kang tanpa guna lan gawe cilaka
kang ngeremake manungsa marang bilai
tuwin karusakan. 10 Amarga kang dadi witing
sakehing piala iku ambek karem bandha.
Sabab marga saka anggone mburu dhuwit
sawenehing wong padha nyimpang saka ing
pracaya sarta nyiksa awake dhewe kalawan
kasusahan warna-warna.

Piweling minangka panutup

6:11-21

11 Nanging kowe, heh, manungsaning Allah,
ngedohana iku kabeh, ngaraha marang
kaadilan, kamursidan, kasetyan, katresnan,
kasabaran lan budi sareh. 12 Nglakonana
tarunging pracaya kang utama, nggayuha
urip langgeng, kang dadi underane anggonmu
katimbalan sarta anggonmu nglairake sahadat
kang bener ana ing ngarepe seksi akeh.
13 Kowe dakprentah ana ing ngarsane Gusti
Allah kang paring urip marang samubarang

kabeh lan ana ing ngarsane Sang Kristus
Yesus kang wus nglairake sahadat kang utama
iku uga ana ing ngajengane Sang Pontius
Pilatus: [14] Pakon iki tetepana ditanpa cacad lan
tanpa sisip, kongsi tumekaning titimangsane
Gusti kita Yesus Kristus ngatingal [15] yaiku ing
titimangsa kang bakal katamtokake dening
Sang Panguwaos kang ora ana tunggale lan
kang kebak karahayon, Ratune para ratu sarta
Gustine para gusti. [16] Iya mung Panjenengane
iku kang ora kena ing pati, kang akadhaton
ana ing pepadhang, kang ora kena pinerakan,
kang ora tau dineleng ing wong, jalaran
pancen ora ana wong kang bisa ndeleng ing
Panjenengane. Iya Panjenengane iku kang
sayogya kagungan kaluhuran lan panguwaos
kang langgeng! Amin.

[17] Para wong sugih ing donya iki padha
elingna, supaya aja padha gumunggung
lan aja padha kadunungan pangarep-arep
marang samubarang kang ora tetep kaanane,
kayata kasugihan, nanging marang Gusti
Allah, kang marga saka sugihe, maringi
marang kita samubarang kabeh, supaya
kita rasakake nikmate. [18] Padha elingna,
supaya padha nglakoni panggawe becik, dadi
sugih ing bab kabecikan, dhangan weweh
lan memandumi [19] temah padha nandho
amal kang minangka pawitan kang prayoga
kanggo ing tembe, supaya padha oleha urip
kang sanyata. [20] He, Timoteus, kang wus
kapitayakake marang kowe iku reksanan.
Paguneman kang tanpa isi lan kang ora suci

sarta bebantahan-bebantahan kang asale saka
kang diarani kawruh, iku singkirana. 21 Amarga
wis ana sawatara kang mulangake bab mau,
satemah banjur padha nyimpang saka ing
pracaya. Sih-rahmat nunggila ing kowe!

2 TIMOTEUS

Salam

1:1-2

1 1 Saka Paulus, rasule Gusti Kristus Yesus
kang awit saka karsaning Allah, supaya
martakake prasetyan bab urip ing sajrone
Gusti Kristus, 2 marang Timoteus, anakku
kang kinasih: sih-rahmat lan tentrem-rahayu
saka Gusti Allah Sang Rama lan Gusti Kristus
Yesus, Gusti kita, nunggila ing kowe.

Pamuji sokur lan pitutur supaya tumemen

1:3-18

3 Aku saos sokur marang Gusti Allah,
kang dakladosi kalawan rumangsaning ati
kang resik, kaya kang dilakoni dening para
leluhurku. Sarta sajroning panyuwunku aku
tansah eling marang kowe, rina wengi. 4 Lan
manawa aku kelingan marang anggonmu
ngruntuhake luh, aku banjur kapengin
ndeleng kowe maneh, supaya aku kapenuhana
ing kabungahan. 5 Amarga aku kelingan
marang pracayamu kang tulus eklas, yaiku
pracaya kang biyen wus dumunung ana ing
embahmu Lois lan ibumu Eunike apadene
kang manut keyakinanku uga dumunung
ana ing kowe. 6 Iya marga saka iku kowe

dakelingake supaya kowe nggrengsengake
sih-peparinging Allah kang ana ing kowe
sarana daktumpangi tanganku. 7 Awit kang
diparingake dening Gusti Allah marang kita
iku dudu rohing kajirihan, nanging roh kang
nukulake kakuwatan, katresnan lan katertiban.
8 Mulane aja isin nglairake paseksen bab Gusti
kita sarta aja isin marga saka aku, kang dadi
wong ukuman marga saka Panjenengane,
nanging melua nandhang sangsara kanggo
Injile, kalawan kakuwataning Allah, 9 kang
paring karahayon marang kita lan nimbali kita
kalawan timbalan kang suci, ora adhedhasar
panggawe kita, nanging adhedhasar karsa lan
sih-rahmate piyambak, kang wus kaparingake
marang kita ing sajroning Sang Kristus Yesus
ing sadurunge purwaning jaman. 10 Sarta
kang saiki kawujudake ana ing rawuhe Sang
Juruwilujeng kita Gusti Yesus Kristus kang wus
nyirnakake pati sarta nggiyarake urip kang
ora bisa rusak. 11 Iya Injil iki kang netepake
aku dadi juru pawarta, dadi rasul lan dadi
guru. 12 Iya iku kang njalari aku nandhang
sangsara iki kabeh, nanging aku ora isin,
sabab aku sumurup sapa kang dakandelake
sarta aku yakin, yen Panjenengane iku kuwaos
rumeksa marang apa kang wis dipitayakake
marang aku nganti tumeka ing Dinaning
Pangeran. 13 Apa kang wus kokrungu saka
aku iku antepana, dadia tuladha piwulang
kang bener-becik lan lakonana sajroning
pracaya lan katresnan ana ing Sang Kristus
Yesus. 14 Rajabrana kang endah, kang wus

dipitayakake dening Panjenengane marang
kita iku reksanen kalawan Roh Suci, kang
dedalem ana ing kita. 15 Kowe wis sumurup,
manawa wong-wong ing tlatah Asia-Cilik iku
padha nyingkur marang aku; kalebu Figelus
lan Hermogenes. 16 Muga Gusti karsaa paring
sih-rahmate marang brayat Onesiforus, kang
wus bola-bali gawe segering atiku. Dheweke
ora isin niliki aku menyang ing pakunjaran.
17 Nalika ana ing kutha Rum, dheweke ngudi
nggoleki aku lan iya wis bisa ketemu karo aku.
18 Muga Gusti karsa maringake sih-rahmate
marang dheweke mbesuk ing dinane. Kaya
apa anggone leladi ana ing Efesus iku kowe
luwih mangreti tinimbang aku.

Timbalan ndherek nandhang sangsara

2:1-13

2 1 Mulane, he anakku, disantosa marga
saka sih-rahmat kang ana ing Gusti
Kristus Yesus. 2 Apa kang wus kokrungu
saka aku ana ing sangarepe seksi akeh iku
pitayakna marang wong-wong kang padha bisa
dipracaya, kang uga bisa mulang marang wong
liya. 3 Melua nandhang sangsara kayadene
prajurite Sang Kristus Yesus kang utama.
4 Prajurit kang lagi perang iku ora mraduli
marang prakara-prakara kang gegayutan karo
panguripane, supaya marga saka mangkono
iku ndadekake senenge komandhane.
5 Olahragawan iku anggone bisa makuthaning
kaunggulan mung manawa anggone main iku

manut tatanan-tatananing olahraga. 6 Wong
tani kang nyambut-gawe kanthi mempeng
iku kudune sing ngrasakake nikmating wohe
pagaweane kang dhisik dhewe. 7 Apa kang
dikandhakake iku gatekna; Gusti bakal paring
pangreten bab samubarang kabeh marang
kowe.
8 Elinga bab iki: Gusti Yesus Kristus, kang
wus wungu saka ing antarane wong mati,
kang wus miyos dadi tedhake Sang Prabu
Dawud, yaiku kang dakundhangake ana ing
Injilku. 9 Iya marga saka pangundhanging Injil
iku aku banjur nandhang sangsara, malah
nganti dibanda kayadene durjana, nanging
pangandikaning Allah ora bisa kabanda.
10 Mulane aku nglakoni iku kabeh kalawan
sabar kanggo para pepilihane Gusti Allah,
supaya iku iya padha oleh karahayon ana ing
Sang Kristus Yesus kalawan kamulyan kang
langgeng. 11 Iki tetembungan kang bener:

"Manawa kita ndherek Panjenengane seda,
iya ndherek Panjenengane gesang;
12 manawa kita nahanake
iya bakal ndherek Panjenengane ngereh;
manawa kita nyelaki Panjenengane
iya bakal diselaki Panjenengane;
13 manawa kita ora setya, Panjenengane
tetep setya,
awit Panjenengane ora bisa nyelaki sarirane
piyambak."

Pitutur bab sajrone lelayanan karo guru panasaran

2:14-26

14 Wong-wong padha elingna lan pituturana
ing bab iku kabeh kalawan temenan ana
ing ngarsaning Allah, supaya aja padha
mbulat-mbulet rembuge, amarga iku ora ana
gunane babar pisan, malah ngisruhake kang
padha ngrungokake. 15 Udinen, supaya kowe
pantes ana ing ngarsaning Allah anggonmu
dadi juru leladi kang ora usah isin, kang
ngundhangake pangandikaning kayekten iku
kalawan tanpa tedheng aling-aling. 16 Nanging
omong-omong kang tanpa isi kang ora suci
kang mung nambahi kalamisan iku singkirana.
17 Tembung-tembunge wong-wong kang
mangkono iku nular kaya lelara kangker.
Panunggalane wong iku yaiku Himeneus
lan Filetus, 18 kang wus nyimpang saka ing
kayekten kalawan anggone mulangake,
yen kita wus katangekake sarta marga
saka iku banjur gawe rusaking pracayane
wong sawatara. 19 Nanging tetales kang
kapasang dening Gusti Allah iku santosa,
sarta tinengeran: “Pangeran nguningani sapa
kang dadi kagungane,” lan “Sing sapa nyebut
asmaning Pangeran iku supaya ninggala
piala.” 20 Ing sajroning omah gedhe iku kang
tinemu ora mung prabot emas lan salaka,
nanging uga barang-barang kang kagawe
saka kayu lan lempung; kang saka emas

lan salaka kanggo kapreluan kang wigati,
dene liyane kanggo kapreluan kang kurang
wigati. [21] Wong kang nucekake awake saka
ing piala, iku bakal dadi praboting omah kang
wigati, disucekake, dianggep pantes dianggo
ing lurahe lan dicawisake kanggo saben
pagawean kang mulya. [22] Mulane ngedohana
pepenginaning wong anom, ngudia marang
kaadilan, kasetyan, katresnan lan karukunan
bebarengan karo wong-wong kang padha
nyebut marang Pangeran kalawan ati kang
resik. [23] Singkirana sakehing prakara-prakara
kang diothak-athik, kang tanpa budi kang
ora pantes. Kowe sumurup, yen bab-bab iku
nukulake dredah, [24] mangka abdine Gusti
iku ora kena padu, nanging kudu sumanak
marang wong kabeh. Kudu bisa mulang, sabar
[25] lan bisa nuntun wong kang seneng madoni
kalawan alus, sabab bokmanawa Pangeran
paring pamratobat marang wong-wong mau
sarta bisa nuntun marang karahayon, [26] tuwin
banjur padha eling maneh, yen wus uwal saka
ing kalaning Iblis, kang ngendhaleni dheweke
kabeh supaya nglakoni kekarepane.

Kaananing manungsa ing wekasaning jaman

3:1-9

3 [1] Sumurupa, yen ing dina-dina wekasan
bakal ana mangsa kang rekasa. [2] Wong
akal padha mung mikir marang awake dhewe
lan karem bandha. Bakal padha gumunggung,

lan mamerake dhiri pribadi, bakal dadi tukang
mitenah, bakal wani karo wong tuwa sarta
ora duwe panarima, ora mreduli marang
agama, 3 ora bisa atindak tresna, ora gelem
rukun, seneng ngala-ala wong, ora bisa
ngendhaleni dhiri, ambek siya, ora dhemen
marang kang becik, 4 seneng cidra, ora mulur
budine, kumenthus, milaur nuruti pakareman
katimbang karo manut marang Gusti Allah.
5 Anggone padha nindakake pangibadah mung
laire bae, nanging lugune padha ora nganggep
marang sawabe. Dohana wong-wong kang
kaya mangkono iku! 6 Sabab ing antarane
wong-wong iku ana kang padha nylinthut
lumebu ing omahe wong liya lan mbebujuk
wong-wong wadon kang ringkih kang kabotan
dosa sarta kang kawengku ing pepenginan
marupa-rupa, 7 kang ora tau sumurup maran
kayekten sanadyan tansah kapengin kawulang.
8 Padha kaya Yanes lan Yambres anggone
nglawan marang Nabi Musa, mangkono uga
wong-wong mau padha nglawan marang
kayekten. Pikirane bobrok, lan pracayane
ora tahan suwe. 9 Nanging wis mesthi yen
wong-wong mau ora bakal padha bisa tulus,
amarga kayadene Yanes lan Yambres, samono
uga kabodhoane wong-wong mau bakal luwih
dening cetha tumrap wong kabeh.

Thukuling pracaya sajroning panganiaya lan marga saka maca Kitab Suci

3:10-17

10 Nanging kowe wis ngandhemi piwulangku,
caraku urip, panemu-panemuku, pracayaku,
kasabaranku, katresnanku lan tumemenku.
11 Kowe wis melu nandhang panganiaya lan
sangsara kaya kang wis dakrasakake ana ing
kutha Antiokhia, ing Ikonium lan ing Listra.
Sakehing panganiaya iku daklakoni lan Gusti
wis ngluwari saka iku kabeh. 12 Pancen saben
wong kang nedya urip kalawan nindakake
pangibadah ing sajroning Sang Kristus Yesus,
iku bakal nandhang panganiaya. 13 Dene wong
ala lan culika iku bakal saya wuwuh alane,
padha disasarake lan nasarake. 14 Nanging
kowe tetepa nggondheli ing kayekten kang
wus koktampani lan kokyakini, kalawan tansah
elinga marang wong kang wus mulangake
bab iku marang kowe. 15 Elinga uga, yen
wiwit cilik kowe wus wanuh karo Kitab
Suci, kang bisa ngolehake kawicaksanan
marang kowe lan nuntun kowe marang
karahayon marga saka pracaya marang
Gusti Kristus Yesus. 16 Sakehing tulisan
kang diwangsitake dening Gusti Allah iku
pancen migunani kanggo memulang, kanggo
melehake, kanggo mbangun wewatekan
tuwin kanggo nggulawenthah ing sajroning
kayekten. 17 Marga saka mangkono saben

wong kagungane Gusti Allah iku disamektani
kanggo nindakake samubarang kang becik.

Netepana timbalanmu leladi

4:1-8

4 [1] Aku pitutur marang kowe satemen-
temene ana ing ngarsane Gusti Allah lan
Gusti Kristus Yesus kang bakal ngadili wong
kang urip lan mati, demi ngatingale, lan demi
Karatone. [2] Kowe nggelarna pangandika,
sumanggema ing wektu kang becik, utawa
ing wektu kang ora becik, melehna apa kang
luput, nyrengenana lan mituturana kalawan
sakehing kasabaran lan piwulang. [3] Amarga
bakal tumeka ing titimangsane, wong-wong
bakal ora bisa nampani piwulang kang
bener-becik maneh, nanging bakal padha
ngumpulake guru-guru kang dikarepake
kanggo maremake pepenginaning kupinge.
[4] Bakal padha ngingerake kupinge saka ing
kayekten lan ngrungokake marang dongeng.
[5] Nanging kowe dibisa ngemudheni awakmu
ing sajroning samubarang kabeh, disabar
ing sajroning nandhang sangsara, nindakna
pakabaran Injil, lan ngakonana kawajibaning
leladi!

[6] Dene mungguh aku iki, getihku wus wiwit
kaesokake minangka pisungsung sarta wektu
anggonku bakal ngajal wus cedhak. [7] Aku
wus mungkasi tetandhingan kang utama,
aku wus nyandhak garis wekasan, aku
wus ngantepi ing pracaya. [8] Saiki aku wus

ginantungan makuthaning kayekten, kang bakal kaparingake marang aku dening Gusti, Sang Hakim kang adil, ing Dinane, tur ora mung marang aku bae, nanging uga marang sakehing wong kang padha cecengklungen marang rawuhe.

Piweling pungkasan

4:9-18

9 Udinen supaya kowe enggal bisa nekani
aku, 10 awit Demas wis rumaket marang donya
iki lan ninggal aku. Dheweke wis mangkat
menyang Tesalonika. Kreskes wis lunga
menyang Galati lan Titus menyang Dhalmatia.
11 Mung Lukas sing isih tetunggalan karo aku.
Markus pethuken lan ajaken mrene, awit
anggone leladi wigati tumrap aku. 12 Tikhikus
wis dakkon menyang Efesus. 13 Yen kowe
mrene, jubah kang daktinggal ana ing kutha
Troas ana ing omahe Karpus, cangkingen
lan uga buku-bukuku, kang prelu dhewe
perkamen kae.
14 Aleksander tukang tembaga kae wis
nindakake piala akeh marang aku. Iku bakal
diwales dening Gusti manut panggawene.
15 Kowe uga sing waspada marang wong iku,
awit banget anggone merangi piwulang kita.
16 Nalika aku ngunjukake panjawab kang
kawitan, ora ana wong siji-sijia kang mbiyantu
aku, kabeh padha ninggal aku -- iku muga
aja ditempuhake marang wong-wong mau
-- 17 nanging Gusti wus ngamping-ampingi

aku lan nyantosakake aku, supaya Injil
kaundhangake babar pisan lumantar aku
lan sakehe wong kang dudu Yahudi padha
ngrungokake! Dadine aku luwar saka ing
cangkeming singa. 18 Karodene Gusti bakal
ngluwari aku saka ing sarupane panggawe
ala. Panjenengane bakal milujengake aku,
satemah aku banjur lumebu ing Karatone
ing Swarga. Panjenengane linuhurna ing
salawas-lawase! Amin.

Salam

4:19-22

19 Salam marang Priska lan Akwila lan
marang brayat Onesiforus. 20 Erastus kari ana
ing kutha Korinta dene Trofimus daktinggal
lara ana ing Miletus. Arahen anggonmu mrene
sadurunge mangsa bedhidhing. 21 Salam saka
Ebulus lan Pudes sarta Linus lan Klaudhia
apadene saka sadulur kabeh.
22 Gusti muga nunggila ing rohmu.
Sih-rahmate nunggila ing kowe!

TITUS

Salam pandonga

1:1-4

1 1 Saka Paulus, abdining Allah lan rasule
Gusti Yesus Kristus, manut pracayaning
para pepilihane Gusti Allah sarta pangawruhing
kayekten, kang laras karo pangibadah kita,
2 alandhesan pangarep-arep marang urip
langgeng kang sadurunge purwaning jaman
wus kaprasetyakake dening Gusti Allah
kang ora dora, 3 tuwin kang ing wektu kang
kinarsakake wus nglairake pangandikane
ana ing pangundhanging Injil, kang wus
kapitayakake marang aku cundhuk kalawan
dhawuhing Allah, Pamarta kita, 4 marang
Titus, anakku kang satuhu awit saka tunggal
pracaya: sih-rahmat lan tentrem-rahayu saka
Gusti Allah Sang Rama lan Gusti Kristus Yesus,
Pamarta kita, anaa ing kowe.

Bubuhane Titus ana ing pulo Kreta.

Sarat-sarat tumrap pinituwa utawa pamonging pasamuwan

1:5-16

5 Mulane kowe daktingal ana ing pulo Kreta
iku, supaya kowe mranata apa-apa kang isih

prelu ditata sarta supaya kowe ngangkata
pinituwa-pinituwa ana ing saben kutha, kaya
kang wus dakprentahake marang kowe,
6 yaiku para wong kang tanpa cacad, arabi
siji, kang anak-anake padha laku pracaya lan
ora bisa ditarka uripe ora pantes tuwin ora
tumata. 7 Amarga kang jeneng pamong iku
kudu tanpa cacad, awit dadi juru panatane
padalemaning Allah, kudu ora kumawasa, ora
gampang nepsu, ora karem ngombe anggur,
ora dhemen kerengan, ora srakah, 8 nanging
seneng aweh pamondhokan, seneng marang
samubarang kang becik, wicaksana, adil,
saleh, bisa ngendhaleni dhiri 9 sarta ngantepi
ing pangandika kang satuhu, kang cundhuk
karo piwulang kang sanyata matemah bisa
mituturi wong adhedhasar piwulang iku tuwin
bisa ngyakinake marang para kang lumawan.
10 Amarga wus akeh wong kang uripe ora
tumata, tukang ngoceh tanpa tanja, kang
nasarake, luwih maneh saka panunggalane
wong tetakan. 11 Wong-wong kang kaya
mangkono iku kudu dibungkem cangkeme,
awit iku gawe kisruh brayat akeh kalawan
piwulange kang ora patut, supaya oleh
kauntungan kang nistha. 12 Ana panunggalane,
yaiku nabine dhewe, iku tau duwe ujar
mangkene: "Wong Kreta iku salawase padha
wong dora, kewan galak lan wong dremba
kang kesed."
13 Paseksen kang mangkono iku bener.
Awit saka iku welehna kang banget, supaya
pracayane dadi waras, 14 sarta aja maneh-

maneh nggatekake marang dongeng-dongeng
Yahudi lan angger-anggering manungsa kang
ngungkurake ing kayekten. [15] Tumraping wong
kang resik, samubarang kabeh iku resik,
nanging tumraping wong kang jember lan
kang ora pracaya, ora ana barang siji bae
kang resik, awit pikirane lan rumangsaning
atine jember. [16] Ngakune padha wanuh
marang Gusti Allah, nanging diselaki kalawan
tingkah-lakune, amarga padha alaku rusuh lan
duraka sarta ora bisa nindakake samubarang
kang becik.

Kawajibane wong tuwa, wong nonoman lan batur

2:1-10

2 [1] Nanging kowe iku martakna apa kang
cundhuk karo piwulang kang satuhu.
[2] Para wong lanang kang tuwa iku padha
diwaras ing budi, kajen, wicaksana sarta
kadunungan pracaya, katresnan lan budi
tumemen kang waras. [3] Mangkono uga para
wong wadon kang wus tuwa, iku padha
nelakna anggone dadi wong ngibadah, aja
dhemen mitenah, aja karem ngombe anggur,
nanging dibisa aweh piwulang kang becik
[4] lan bisa merdi wong-wong wadon kang isih
enom, supaya padha tresna marang kang
lanang tuwin marang anak-anake, [5] wicaksana,
alaku suci, sregep ngatur baleomahe, becik
pambekane sarta sumuyud marang kang
lanang, supaya Pangandikaning Allah aja

nganti dialakake. [6] Mangkono uga para wong
nonoman, padha pituturana, supaya padha
bisa ngendhaleni awake dhewe ing sadhengah
prakara [7] lan kowe dhewe dadia tuladha ing
bab nindakake panggawe becik. Anggonmu
memulang dikalawan jujur sarta tumemen.
[8] Pamulangmu disalugu lan tanpa cacad,
supaya wong kang nglawan dadia wirang,
amarga ora ana kang tinemu kang kena
digawe ngalakake marang kita.
[9] Para batur sing padha sumuyud marang
lurahe tumrap samubarang kabeh, padha
gawea renane lan aja madoni, [10] aja slingkuh,
nanging tansah nelakna anggone temen lan
setya, supaya marga saka mangkono tumrap
ing samubarang kabeh, padha ngluhurake
piwulange Allah, Pamarta kita.

Sih-rahmate Gusti Allah nylametake manungsa kabeh

2:11-15

[11] Awitdene sih-rahmate Gusti Allah kang
nylametake manungsa kabeh iku wus kababar.
[12] Iku merdi marang kita, supaya kita ninggal
pamblasar lan kamelikan kadonyan sarta
supaya kita duwea laku kang wicaksana,
adil tuwin mursid ana ing donya samengko
iki, [13] kalawan manganti-anti marang ing
katetepane pangarep-arep kita, kang kebak
ing karahayon lan ngatingalake kamulyaning
Allah kang Mahaagung sarta Pamarta kita
Gusti Yesus Kristus, [14] kang wus masrahake

sarirane kanggo kita, supaya kita luwar
saka ing sakabehing piala apadene banjur
dadi umat kang wus kasucekake dening
Panjenengane, kagem panjenenane, dadi
kagungane piyambak, kang taberi marang ing
panggawe becik.
15 Iku kabeh wartak-wartakna, wong-wong
padha pituturana lan surup-surupna kalawan
pangaribawamu. Aja nganti ana wong kang
ngremehake kowe.

Piweling-piweling panutup

3:1-14

3 1 Wong-wong padha elingna, supaya padha
sumuyud marang pamarentah lan para
kang ngasta panguwasa, mbangun-miturut
sarta padha cumadhang marang sadhengah
panggawe becik. 2 Aja seneng mitenah, aja
dhemen tukar-padu, disumanak lan dialus ing
wicara marang sadhengah wong. 3 Amarga ing
maune urip kita iya padha tanpa budi: wangkal,
nasar, kawengku ing hawa-nepsu rupa-rupa
lan kapencut, laku kita nuruti piala lan
drengki, rusuh, sengit-sinengitan. 4 Nanging
bareng kamurahaning Allah, Pamarta kita,
sarta katresnane marang manungsa kababar,
5 ing nalika iku Panjenengane nylametake
marang kita, ora marga saka panggawe
becik kang wis kita lakoni, nanging marga
saka sih-rahmate sarana padusan kalairan
kapindho lan marga saka kaanyarake dening
Sang Roh Suci, 6 kang wus kaesokake marang

kita dening Gusti Yesus Kristus, Pamarta kita,
7 supaya kita, kang wus kabenerake dening
sih-rahmate, padha wenang nampani urip
langgeng, kayadene kang dadi pangarep-arep
kita. 8 Iki tembung kang satuhu lan karepku
kowe supaya yakin ngungkuli bab iku, amrih
wong-wong kang wis padha pracaya marang
Gusti Allah padha ngudi kanthi temen-temen
nglakoni panggawe becik. Yaiku kang prayoga
lan migunani tumrap manungsa. 9 Nanging
mungguh bebantahan kang ora urus, prakara
sarasilah, apadene parapadu lan regejegan
bab angger-anggering Toret, iku singkirana
awit iku kabeh ora ana gunane sarta tanpa
paedah. 10 Wong kang nasar pracayane, kang
wus kokpituturi kaping sapisan utawa kaping
pindho, iku dohana. 11 Kowe mangreti, yen
wong kang kaya mangkono iku nasar temenan
lan ngukum awake dhewe kalawan dosane iku.
12 Besuk samasa Artemas utawa Tikhikus
wus dakkongkon nemoni kowe, kowe enggal
mrelokna nekani aku ana ing kutha Nikopolis,
awit niyatku arep ngaso ana ing kono
sasuwene mangsa bedhidhing iki. 13 Zenas ahli
Toret kae lan Apolos padha tulungana lakune
kang gumati, supaya aja nganti kekurangan
sawiji apa. 14 Sarta wong-wong kita cikben iya
padha nggegulang nglakoni panggawe becik,
supaya bisa nyukupi kabutuhaning urip kang
baku, amrih uripe aja nganti tanpa guna.

Salam pandonga

3:15

15 Kabeh kang melu aku padha kirim salam.
Salam pandongaku marang para kang padha
tresna marang aku kabeh ing sajroning
pracaya. Sih-rahmat anaa ing kowe kabeh.

FILEMON

Salam

1-3

1 [1] Saka Paulus, wong ukuman marga
saka Gusti Kristus Yesus, lan saka
sadulur kita Timoteus, marang Filemon
kang kinasih, rewangku nyambut-gawe,
[2] lan marang sadulurku wadon Apfia, sarta
marang Arkhipus, kanca tunggal gawe, tuwin
marang pasamuwan kang ana ing omahmu.
[3] Sih-rahmat lan tentrem-rahayu saka Gusti
Allah Rama kita lan saka Gusti Yesus Kristus,
anaa ing kowe kabeh.

Pamuji sokur

4-7

[4] Aku saos sokur marang Allahku, samangsa
aku ngelingi kowe sajrone pandongaku,
[5] sabab aku wus krungu bab katresnanmu
marang para suci lan bab pracayamu marang
Gusti Yesus. [6] Lan aku ndongakake, supaya
anggonmu padha tunggal pracaya iku
sabiyantu nuju marang kawruh kang utama
ana ing antara kita kagem Sang Kristus. [7] Saka
tumindaking katresnanmu, aku rumangsa
oleh kabungahan gedhe, lan kasantosan

marga kowe wus nglejarake atine para suci,
sadulurku!

Karsane Rasul Paulus tumrap Onesimus

8-22

8 Marga saka iku, sanadyan ana sajroning
patunggilane Gusti Kristus, aku duwe
wewenang mrentahi kowe, bab apa kang
wajib koklakoni, 9 ewasamono ngelingi
tumindaking katresnanmu iku, luwih prayoga
yen aku nglairake panjaluk marang kowe
mangkene: Aku Paulus kang wus ngancik
tuwa, luwih-luwih saiki kinunjara marga
saka Gusti Kristus Yesus, 10 duwe panjaluk
marang kowe, bab anakku kang daktemu
sajrone aku kinunjara, yaiku Onesimus,
11 kang ing maune ora migunani marang
kowe, nanging saiki maedahi banget, iya
marang kowe iya marang aku. 12 Dheweke
dakpurih bali melu kowe, sanadyan iku woding
atiku. 13 Satemene maune arep dakendheg
ana ing pakunjaran, minangka sesulihmu
ngladeni aku sajrone kinunjara marga saka
Injil, 14 nanging sadurunge ana palilahmu
aku ora wani tumindak, supaya prakara kang
becik iku aja nganti anggonmu nindakake
kanthi kapeksa, nanging bisaa kanthi lega lila.
15 Sabab bokmanawa sarana patrap mangkono
iku pisahe karo kowe ing sawatara mangsa
iku njalari kowe bisa mengku dheweke ing
salawase, 16 ora kaya batur maneh, nanging
luwih saka mangkono, yaiku kayadene

sadulur kang kinasih. Iya kaya mangkono iku
pangrengkuhku, saya maneh tumrap kowe,
dadia cara kamanungsan dadia ana ing Gusti.
[17] Yen aku kokanggep kanca tunggal pracaya,
dheweke iya tampanana kaya anggonmu
nampani aku. [18] Dene yen kirane dheweke wus
gawe pitunamu, utawa dheweke utang marang
kowe, jibahna kabeh marang aku, [19] aku
Paulus kang nanggung kanthi daktulis dhewe,
iya aku kang bakal nglironi, prelune aja nganti
aku muni: "Kabeh iku dadi tanggunganmu,"
awit kowe padha duwe utang marang aku,
yaiku awakmu dhewe.
[20] He, sadulurku, muga kowe migunanana
tumrap aku ana ing Gusti. Lipuren atiku
ana ing Gusti Kristus. [21] Anggonku nulis
layang marang kowe iki kanthi pangandel
yen kowe bakal miturut. Aku sumurup yen
tumindakmu bakal luwih saka panjalukku.
[22] Kajaba saka iku aku iya cawisana papan
pamondhokan, marga saka pandongamu,
aku duwe pangarep-arep yen aku bakal
kaparingake marang kowe kabeh maneh.

Salam

23-25

[23] Salam marang kowe saka Epafras, kancaku
kinunjara marga saka Gusti Kristus Yesus,
[24] lan saka Markus, Aristarkhus, Dhemas lan
Lukas padha kancaku ing gawe. [25] Sih-rahmate
Gusti Yesus Kristus nunggila ing sukmamu.

IBRANI

Gusti Allah ngandika lumantar Kang Putra

1:1-4

1 [1] Sawise nalika jaman biyen Gusti Allah
ngandika marang para leluhur kita
nganti marambah-rambah sarta kalawan
patrap warna-warna lumantar para nabi,
[2] ing jaman wekasan iki Panjenengane
wus ngandika marang kita lumantar Kang
Putra, kang wus ditetepake dadi ahli-warise
tumrap samubarang kabeh; iya lumantar
Panjenengane Gusti Allah anggone wus
nitahake alam jembar. [3] Panjenengane dadi
cahya kamulyane Gusti Allah sarta gambar
wujuding Allah lan nyanggi samubarang kabeh
sarana sabdane kang kebak panguwasa.
Lan sawise rampung anggone ngresiki dosa,
Panjenengane lenggah ing satengene Kang
Mahaagung ana ing ngaluhur; [4] kaluhurane
banget anggone ngungkuli para malaekat,
padha kaya pinunjuling asma kang wus
kaparingake marang Panjenengane kang uga
banget anggone ngungkuli endahing jenenge
para malaekat mau.

Kaluhurane Sang Putra ngungkuli para malaekat

1:5-14

5 Sapa ta panunggalane para malaekat kang
tau dipangandikani mangkene:
“Sira iku PutraningSun!
Sira wus Sunputrakake ing dina iki?”
sarta
“Ingsun bakal dadi Ramane,
lan Panjenengane bakal dadi PutraningSun?”
6 Sarta nalika Panjenengane ngirid Ingkang
Putra kang pembayun marang jagad,
Panjenengane ngandika:
“Sakehe malaekating Allah kudu nyembah
marang Panjenengane.”
7 Dene tumrap para malaekat Panjenengane
ngandika:
“Kang ndadekake para malaekate dadi angin
sarta para abdine dadi geni kang
ngalad-alad.”
8 Nanging tumrap Sang Putra Panjenengane
ngandika:
“Dhuh, Allah, dhampar Paduka punika
langgeng salaminipun, lantaran
kaprabon Paduka punika lantaraning
kaleresan.”
9 “Paduka punika tresna dhateng kaadilan
saha sengit dhateng duraka,
pramila, dhuh Allah, Allah Paduka sampun
njebadi Paduka kaliyan lisahing

kabingahan, nglangkungi para kanthi
Paduka."
10 Lan maneh:
"Dhuh Pangeran, wiwitanipun Paduka
ingkang nalesi bumi,
saha langit punika yasanipun asta Paduka.
11 Sadaya punika badhe sirna, nanging
Paduka tetep langgeng
sarta sadaya punika badhe sami luwas kados
pangangge;
12 saha badhe Paduka gulung kados jubah,
saha sami badhe kasantunan kados
pangangge,
nanging Paduka punika lestantun sami,
saha taun Paduka badhe tanpa wates."
13 Sarta endi ana malaekat kang tau didhawuhi
mangkene:
"Lungguha ana ing tengeningSun,
nganti mungsuh-mungsuhira wus
padha Sundadekake ancik-anciking
tlapakanira?"
14 Kabeh iku apa ora padha dadi roh
kang ngladeni, kang kautus leladi marang
wong-wong kang bakal marisi karahayon?

Karahayon kang agung

2:1-4

2 1 Marga saka iku kita kudu luwih tliti
anggon kita nggatekake apa kang wus
kita rungu, supaya kita ora kentir katut ilining
banyu. 2 Sabab manawa pangandika kang
kadhawuhake lumantar para malaekat iku

tetep tumindak, sarta sarupane panerak lan
pamurangsarak iku nampani piwales murwat,
3 kapriye anggon kita akal oncat, manawa kita
ora maelu marang karahayon kang samono
gedhene iku, kang wiwitane diundhangake
marang kita dening Gusti, lan dening kang
padha ngrungokake kalawan patrap kang kena
dipracaya, 4 Gusti Allah ngekahake paseksene
kanthi tandha-tandha lan kaelokan sarta
panguwasa warna-warna sarta kalawan Roh
Suci, kang diedum-edumake ing sakarsane.

Gusti Yesus sawatara mangsa luwih asor katimbang karo para malaekat

2:5-18

5 Jalaran ora marang para malaekat anggone
Panjenengane wus nelukake jagad kang bakal
dumadi, kang lagi kita rembug iki. 6 Ana wong
kang tau nglairake paseksen ing sawijining
nas mangkene:

"Manungsa punika punapa ta, dene ngantos
Paduka engeti, utawi anaking manungsa,
dene ngantos Paduka openi?
7 Wondene kangge sawatawis wekdal
sampun Paduka dadosaken langkung
andhap sakedhik tinimbang kaliyan
para malaekat, saha sampun Paduka
makuthani kaluhuran tuwin kaurmatan,
8 samukawis sadaya sampun Paduka
telukaken ing sangandhaping
tlapakanipun."

Amarga sajrone nelukake samubarang
marang Panjenengane, ora ana siji bae
kang kliwatan, kang ora teluk marang
Panjenengane. Ewadene ing samengko kita
padha durung weruh, manawa samubarang
kabeh wis ditelukake marang Panjenengane.
9 Nanging Panjenengane, kang sawatara
mangsa didadekake luwih asor sathithik
tinimbang para malaekat, yaiku Gusti
Yesus, kita sumurup, kang jalaran anggone
nglampahi sangsara seda, banjur kamakuthan
kamulyan lan kaurmatan, supaya marga
saka sih-rahmate Gusti Allah, Panjenengane
nglampahi seda iku kanggo manungsa kabeh.
10 Jalaran pancen wus mungguh karo
kaananing Allah, -- kang kagem Panjenengane
sarta dening Panjenengane anggone
samubarang kabeh iku dititahake --, yaiku
Gusti Allah kang nuntun wong akeh marang
kamulyan, uga nyampurnakake Gusti
Yesus, kang ngirid wong-wong iku marang
karahayon, srana nandhang sangsara.
11 Jalaran Panjenengane kang nucekake, sarta
kang padha kasucekake, iku asale saka Siji.
Mulane Panjenengane iya ora lingsem nyebut
sadulur marang wong-wong iku, 12 ature:

"Asma Paduka badhe Kawula wartosaken
dhateng para sadherek Kawula,
saha Kawula badhe ngidungaken
pangalembana dhumateng Paduka
wonten ing satengahing pasamuwan."

13 Sarta maneh:

"Aku bakal pracaya marang Panjenengane,"

lan maneh:
"Satemene, lah iki Aku sarta anak-anak
kang wis diparingake dening Gusti Allah
marang Aku."
14 Kang iku sarehne anak-anak iku saka
getih lan daging, mulane Panjenengane iya
banjur dadi padha karo anak-anak mau
lan oleh panduman ing kaanane, supaya
marga saka sedane Panjenengane nyirnakake
Iblis kang nguwasani pati; 15 sarta kanthi
patrap mangkono Panjenengane ngluwari
wong-wong, kang sajege urip padha kawengku
ing pangawulan marga saka wedine marang
pati. 16 Jalaran satemene dudu para malaekat
kang diwelasi dening Panjenengane, nanging
trahe Rama Abraham. 17 Mulane, ing bab
apa bae Panjenengane kudu dipadhakake
karo para sadhereke, supaya dadia Imam
Agung kang welasan sarta setya marang Gusti
Allah, prelu mbirat dosane sakehing bangsa.
18 Jalaran sarehne Panjenengane piyambak wis
nandhang sangsara marga saka kagodha, dadi
Panjenengane saged mitulungi marang wong
kang padha kena ing panggodha.

Kaluhurane Gusti Yesus ngungkuli Nabi Musa

3:1-6

3 1 Mulane, heh para sadulur kang suci,
kang padha oleh panduman timbalan
kaswargan, padha mawasa marang Sang
Rasul sarta Imam Agung kang kiat akoni, iya

iku Gusti Yesus, [2] kang setya marang kang
wis njumenengake, kayadene Nabi Musa kang
setya ing sapadalemane kabeh. [3] Jalaran
Panjenengane kaanggep sembada kaparingan
kamulyan kang ngluwihi Nabi Musa, padha
kayadene kang gawe omah luwih kajen
tinimbang omah gegaweane. [4] Amarga saben
omah digawe dening sawijining ahli gawe
omah; ananging Ahli kang yasa samubarang
kabeh iku Gusti Allah. [5] Karodene Nabi
Musa pancen tumemen ana ing padalemane
Allah kayadene pelados, supaya paring
paseksen ing bab apa kang ing tembe bakal
dipangandikakake, [6] ananging Gusti Kristus
iku setya kayadene Putra kang mengku
padalemane; sarta padalemane iya iku kita,
angger kita padha kukuh ing pracaya sarta
ing pangarep-arep kang kita agung-agungake
nganti tumeka ing wekasan.

Tampa bebendu marga murtad

3:7-19

[7] Jalaran saka iku, kaya kang
kapangandikakake dening Roh Suci:

“Ing dina iki, manawa sira padha krungu
swarane,
[8] aja padha mangkotake atinira, kaya anane
panggrundel, ing nalika jaman panyoba
ana ing pasamunan,
[9] ing kono leluhurira padha nyoba marang
Ingsun, kanthi cara ndadar Ingsun,

sanadyan padha weruh pakaryan-
pakaryaningSun,
10 lawase patang puluh taun.
Yaiku sababe Ingsun duka marang golongan
iku sarta ngandika: Wong-wong iku
tansah nasar atine,
sarta padha ora nyumurupi marginingSun,
11 temahan Ingsun supaos sajroning
bebenduningSun:
Wong-wong iku ora bakal mlebu ing
panggonan paleremaningSun."
12 He, para sadulur, pada diwaspada, supaya
ing antaramu aja ana kang kadunungan
ati ala sarta ora pracaya amarga murtad
nyingkur marang Gusti Allah kang asipat
gesang. 13 Nanging padha eling-ingelingna ing
sadina-dina sajrone isih bisa kaaranan "dina
iki", supaya panunggalanmu aja ana kang dadi
wangkot atine, marga saka pamblithuking
dosa. 14 Jalaran kita wus oleh panduman ana
ing Sang Kristus, angger kia padha ngukuhi
ing kayakinaning pracaya kita kang wiwitan,
nganti tumeka ing wekasan. 15 Ananging
manawa wus tau kapangandikakake:
"Ing dina iki, manawa sira krungu swarane,
aja padha mangkotake atinira, kaya nalika
ana ing sajroning panggrundel."
16 Sapa ta kang memungu dukaning Allah,
sanadyan padha krungu swarane? Apa dudu
wong kabeh kang padha metu saka ing tanah
Mesir katuntun dening Nabi Musa? 17 Sarta
sapa kang dibendoni dening Panjenengane
patang puluh taun lawase? Apa dudu wong

kang padha nglakoni dosa sarta kang jisime
pating glimpang ana ing pasamunan? [18] Lan
sapa kang wus disupaosi, bakal ora padha
lumebu ing panggonan paleremane? Apa
dudu wong kang padha ora mbangun-miturut
iku? [19] Dadine kita padha sumurup, manawa
wong iku padha ora bisa lumebu amarga saka
anggone ora pracaya.

Dina palereman kang katemtokake dening Gusti Allah

4:1-13

4 [1] Marga saka iku, kita dipadha waspada,
supaya aja nganti ana wong ing antaramu
kang kaanggep keri, sanadyan prasetya
bab lumebu ing paleremane isih tumindak.
[2] Amarga kia uga padha kawartanan kabar
kabungahan, padha kaya wong-wong iku,
nanging pangandika kang kawartakake iku
tanpa guna tumrap wong-wong mau, jalaran
ora kinanthenan pracaya dening kang padha
ngrungokake iku. [3] Amarga kita kang padha
pracaya, bakal lumebu ing palereman, kaya
kang kapangandikakake dening Panjenengane:

“Temahan Ingsun supaos sajroning
bebenduningSun:
Wong-wong iku mesthi padha ora bakal
lumebu ing paleremaningSun”,
sanadyan pakaryane wus rampung wiwit
nalika dumadining jagad.

[4] Amarga bab dina kapitu iku wus tau
kapangandikakake ana ing sawijining nas:

“Lan ing dina kapitu Gusti Allah kendel saka
pakaryane kabeh.” 5 Sarta ing sajrone nas
iku, kita maca: “Wong-wong iku ora bakal
lumebu ing paleremaningSun.” 6 Dadi wus
cetha manawa ana wong sawatara kang bakal
lumebu ing palereman iku, dene wong-wong
kang wus luwih dhisik diwartani kabar
kabungahan iku ora lumebu, amarga ora
padha mbangun-miturut. 7 Mulane Gusti Allah
nemtokake sawijining dina maneh, yaiku “dina
iki”, nalika Panjenengane wus samono lawase
anggone ngandika lumantar Prabu Dawud,
kaya kang wus kasebut ing dhuwur:

“Ing dina iki, manawa sira padha krungu
swarane, aja padha mangkotake
atinira!”

8 Jalaran, saupama Hakim Yusak wus
nglebokake wong-wong iku marang ing
palereman, mesthi sawuse mangkono Gusti
Allah ora bakal mangandikakake dina liyane
maneh. 9 Dadi isih ana dina palereman, dina
kapitu kanggo umate Gusti Allah. 10 Awit sing
sapa wis lumebu ing papan paleremane Allah,
wong iku dhewe wis leren saka sakehing
pagaweane, padha kaya Gusti Allah anggone
kendel saka pakaryane. 11 Mulane luwih becik
manawa kita mbudi-daya lumebu sajroning
palereman iku, supaya aja nganti ana kang
tiba amarga nyonto marang pambalela iku
uga.

12 Sabab pangandikane Gusti Allah iku
gesang lan santosa sarta luwih landhep
tinimbang sakabehing pedhang kang landhep

kiwa-tengen. Tumamane bebles nganti
misahake nyawa lan roh, ros-rosan-ros-rosan
lan sungsum; bisa mbedakake panimbang lan
pangangen-angening ati kita. [13] Sarta ora ana
titah kang sinamar ana ing ngarsane, jalaran
samubarang kabeh katon ngeblak lan bukakan
ana ing ngarsane paningale kang mundhut
panjawab marang kita.

Gusti Yesus jumeneng Imam Agung

4:14--5:10

[14] Sarehne kita padha duwe Imam Agung
kang pinunjul, kang wis sumengka nratas
nglangkungi sakehing langit, yaiku Gusti
Yesus, Putraning Allah, mulane kita padha
ngantepana ing sahadat kita. [15] Awit Imam
Agung kita iku dudu imam agung kang ora bisa
ngrasakake sakehing kaapesan kita nanging
malah kang padha karo kita; Panjenengane
wis ngalami kagodha nanging ora damel dosa.
[16] Kang iku payo padha sowan kalawan kendel
marang dhamparing sih-rahmat, supaya kita
oleh palimirma sarta nemu sih-rahmat kang
njalari kita kapitulungan ing mangsa kang
becik.

5 [1] Awitdene saben imam agung, kang
kapiji saka ing antarane manungsa, iku
katetepake kanggo manungsa minangka
pantaraning manungsa karo Gusti Allah,
supaya nyaosake pisungsung sarta kurban
tumrap dosa. [2] Panjenengane kudu bisa melu
ngraosake kaanane para wong bodho lan para

wong kang kesasar, amarga panjenengane
piyambak uga kebak ing kaapesan, 3 kang
ngudokake saos kurban tumrap dosa, ora
mung kanggo para umat, nanging uga kagem
panjenengane piyambak. 4 Sarta ora ana
wong kang ngalap drajat iku kanggo awake
dhewe, nanging katimbalan dening Gusti
Allah kaya kang wis kalakon tumrap Imam
Agung Harun. 5 Mangkono uga Sang Kristus
ora mulyakake sarirane piyambak sarana
jumeneng Imam Agung, nanging kamulyakake
dening Panjenengane kang mangandikani:

“Sira iku PutraningSun!
Sira wus Sunputrakake ing dina iki,”

6 iya kaya pangandikane ing ayat liyane maneh
mangkene:

“Sira iku dadi Imam salawas-lawase,
manut tatane Melkisedhek.”

7 Nalika sugenge ana ing daging, Panjenengane
wus ngaturake pandonga sarta panyuwun
kanthi muwun lan sesambat marang
Panjenengane, kang kuwaos milujengake
saka pati, sarta marga saka kamursidane
Panjenengane wus dipidhangetake. 8 Sarta
sanadyan Panjenengane iku Sang Putra,
ewasamono wus sinau mbangun-miturut
saka anggone nandhang sangsara, 9 lan
sawise nggayuh kasampurnane, Panjenengane
dadi jalarane karahayon kang langgeng
tumrap sakehing wong kang mituhu marang
Panjenengane, 10 sarta Panjenengane
katimbalan dadi Imam Agung dening Gusti
Allah, manut tatane Sang Melkisedhek.

Pepeling supaya aja nganti murtad

5:11--6:8

11 Mungguh prakara iku akeh sing kudu
padha dakkandhakake, ananging angel
diterangake, marga kowe wis padha dadi
alot ing pangrungumu. 12 Sabab sanadyana
kowe sabenere wus padha dadi guru, yen
kapirid saka ing wektu, ewadene kowe isih
prelu diwulang maneh bab dhasar-dhasaring
pangandikane Gusti Allah sarta kowe isih
butuh banyu susu, dudu pangan kang akas.
13 Amarga sing sapa isih butuh banyu susu,
iku durung ngerti piwulang bab kabeneran,
sabab isih dadi bayi suson. 14 Nanging pangan
kang akas iku kanggo para wong diwasa, kang
duwe pancadriya kang wis digladhi mbedakake
kang becik sarta kang ala.

6 1 Marga saka iku payo padha ninggal
wiwit-wiwitaning dhasar-dhasare piwulang
bab Sang Kristus sarta padha nerusake
candhake satutuge. Kita aja nganti masang
maneh tetalesing pamratobat saka tingkah
laku kang muspra, sarta tetalesing pracaya
marang Gusti Allah, 2 yaiku piwulang bab
warna-warnaning baptis, panumpanging
tangan, tangine para wong mati sarta
paukuman langgeng. 3 Yaiku kang bakal
padha kita lakoni, manawa dadi keparenging
Allah. 4 Sabab mungguh wong-wong kang
wus tau kapadhangan atine 5 kang wus tau
ngrasakake peparinging kaswargan sarta kang

wus tau kapanduman Roh Suci, lan kang
wus ngrasakake pangandikane Gusti Allah
kang utama sarta dayane jagad kang bakal
kalakon, 6 nanging kang padha murtad maneh,
iku ora bisa dianyarake sapisan engkas,
satemah padha mratobat, amarga prasasat
nyalib Putrane Allah maneh kanggo awake
dhewe, sarta ngremehake Panjenengane
ing ngarepane wong akeh. 7 Sabab bumi
kang nesep banyu udan kang kerep tumiba
ing dhuwure, kang metokake tanem tuwuh
kang maedahi tumrap kang nggarap iku,
tampa berkah saka Gusti Allah; 8 nanging
manawa bumi iku nuwuhake bebondhotan lan
rerungkudan, iku tanpa guna sarta cepak kena
ing supata, kang wekasane kaobong.

Kukuh ing pangarep-arep

6:9-20

9 Ewadene, he para kekasihku, sanadyan
aku padha pitutur mangkono marang kowe,
aku padha mesthekake, manawa kowe
padha duwe bab-bab kang luwih becik
sarta kang isi karahayon. 10 Amarga Gusti
Allah ora kurang adil, nganti Panjenengane
banjur kesupen marang ing panggawemu
lan katresnanmu kang koklairake kagem
asmane srana anggonmu padha ngladeni para
suci, kang isih koklakoni nganti saprene iki.
11 Nanging kang padha dakarep-arep sawiji-
wijining panunggalanmu supaya nelakake
kataberen kang kaya mangkono iku satemah

pangarep-arepmu bisa kagayuh sakatoge,
nganti tumeka ing wekasan, [12] supaya kowe
aja padha sungkanan, nanging padha nulada
marang wong kang awit saka pracaya lan
sabar mantep padha oleh panduman apa kang
wus kaprasetyakake dening Gusti Allah.
[13] Awitdene nalika Gusti Allah maringake
prasetyane marang Rama Abraham, banjur
supaos demi Panjenengane piyambak,
sarehne ora ana manungsa kang ngungkuli
Panjenengane, [14] pangandikane: "Ing
sayektine sira bakal Sunberkahi nganti luber
sarta sira bakal Suntangkarake dadi akeh
banget." [15] Rama Abraham ngentosi kanthi
sabar sarta marga saka mangkono banjur
tampa apa kang kaprasetyakake. [16] Mungguh
manungsa iku anggone supaos demi kang
luwih luhur sarta supata iku minangka
pikukuhe, kang mungkasi sakehing padudon.
[17] Marga saka iku luwih ngyakinake marang
wong-wong kang nduweni hak nampani
prasetya iku ing bab teteping putusane, Gusti
Allah wus nanggel kanthi supaos, [18] supaya
marga prakara loro kang tetep, mokal
manawa Gusti Allah cidra, kita kang ngupaya
pangayoman, oleh pangatag-atag kang
kuwat amrih nggayuh marang pagnarep-arep
kang kagantungake. [19] Dene pangarep-arep
iku minangka jangkaring nyawa kita kang
kukuh lan santosa, kang wis ditibakake tekan
saburining gubah, [20] kang wus dilebeti dening
Gusti Yesus minangka Pangirid kita, kang

jumeneng Imam Agung langgeng manut
tatane Sang Melkisedhek.

Gusti Yesus Kristus lan Sang Melkisedhek

7:1-10

7 1 Awitdene Sang Melkisedhek iku ratu
ing Salem sarta imame Kang Mahaluhur,
kang methukake sarta mberkahi Rama
Abraham nalika Rama Abraham kondur saka
anggone ngalahake para raja. 2 Rama Abraham
uga nyaosake saprasapuluhe samubarang
marang panjenengane. Manut tegese asma
Melkisedhek iku sapisan ateges ratuning
kaadilan, sarta uga ratu ing Salem, yaiku
ratuning tentrem-rahayu, 3 kang tanpa Rama,
tanpa ibu, tanpa sarasilah, kang ora ana
wiwitaning dinane sarta wekasaning yuswane,
sarta sarehne panjenengane kadadekake
padha karo Putrane Gusti Allah, dadine lestari
jumeneng imam ing salawase.
4 Mara padha pikiren, saiba luhure Sang
Melkisedhek iku, dene Rama Abraham
leluhur kita nganti nyaosi saprasapuluhe
sakehing jarahan kang becik dhewe. 5 Dene
mungguh para turune Lewi kang padha
tampa kalungguhan imam, iku manut angger-
anggering Toret, kawajibake nglumpukake
pisungsung prasapuluhan saka umat Israel,
yaiku para sadulure, sanadyan wong-wong
iki uga tedhake Rama Abraham. 6 Nanging
Sang Melkisedhek, kang ora tunggal turun
karo wong-wong iku, mundhut prasapuluhan

marang Rama Abraham sarta mberkahi
panjenengane, sanadyan sing kagungan
prasetya iku. 7 Pancen wis ora kena dipadoni,
manawa kang luwih asor diberkahi dening
kang luwih luhur. 8 Sarta ana ing kene
kang tampa prasapuluhan iku wong kang
padha kena ing pati, dene ana ing kana
Panjenengane, kang kaseksenan manawa
gesang. 9 Malah kena dikandhakake: Lewi
kang wenang nampani pisungsung iku iya
saos pisungsung lantaran Rama Abraham,
10 amarga Lewi isih ana ing garbane leluhure
nalika Sang Melkisedhek methukake leluhure
mau.

Sang Kristus iku Imam kang luwih luhur tinimbang Sang Imam Agung Harun

7:11-28

11 Marga saka iku, saupama kaimamane Lewi
wis ngolehake kasampurnan -- jalaran marga
kaimaman iku, umat Israel wis tampa Toret
-- apa sababe dene isih ana Imam Agung
liyane kang katetepake manut tatane Sang
Melkisedhek sarta ora kasebut manut tatane
Imam Agung Harun? 12 Sabab, manawa salin
kaimaman, samesthine angger-anggering
Toret bakal salin uga. 13 Sabab Panjenengane,
kang dikarepake ing kene iki, kalebu taler liya,
saka taler iki ora ana sing tau ngladeni ing
misbyah. 14 Amarga wus disumurupi dening
kabeh wong, manawa Gusti kita iku trah
saka Yahuda; dene tumrap taler iki Nabi

Musa ora tau mangandikakake apa-apa bab
kaimaman. 15 Sarta bab iku saya tetela maneh,
manawa ana imam liyane kang jumeneng
manut tatane Sang Melkisedhek, 16 kang dadi
imam ora alandhesan pranataning manungsa,
nanging alandhesan urip kang ora bisa lebur.
17 Sabab tumrap Panjenengane ana paseksen
mangkene:
"Sira iku dadi Imam ing salawas-lawase,
manut tatane Melkisedhek."
18 Pancen, sawijining tatanan kang kapacak
dhisik iku dibatalake, manawa ora nduweni
kakuwatan sarta tanpa guna, 19 -- sabab
angger-anggering Toret iku babar pisan
ora nggawa kasampurnan -- nanging saiki
kathukulake pangarep-arep kang luwih
prayoga, kang nyaketake kita kalawan Gusti
Allah. 20 Sarta kayadene bab iki anggone
dumadi ora tanpa supata -- wong-wong iku
anggone dadi imam pancen tanpa supata,
21 nanging Panjenengane nganggo supaos,
kang dilairake dening Panjenengane, kang
ngandika:
"Pangeran wus supaos sarta Panjenengane
ora bakal keduwung:
Sira iku Imam ing salawas-lawase" --
22 mangkono uga Gusti Yesus wus dadi
tetanggelaning prajanjian kang luwih
kuwat. 23 Karodene kang dadi imam iku
cacahe akeh, awit ora bisa lestari anggone
jumeneng, jalaran kepalang ing pati.
24 Nanging, sarehne Panjenengane tetep
jumeneng salawas-lawase, kaimamane ora

bisa lumengser marang wong liya. 25 Mulane
Panjenengane uga saged mitulungi rahayu
kalawan sampurna marang sakehing wong
kang sowan ing ngarsane Gusti Allah lumantar
Panjenengane. Jalaran Panjenengane gesang
ing salawase prelu jumeneng dadi Pantarane
wong-wong mau.
26 Sabab iya Imam Agung kang kaya
mangkono iku kang kita butuhake, yaiku
kang suci, tanpa salah, tanpa blentong, kang
pinisah karo para wong dosa sarta ngungkuli
sungsun-sungsune swarga, 27 kang ora kaya
para imam agung liyane, kang saben-saben
kudu nyaosake kurban tumrap dosane dhewe
lan sawise iku lagi tumrap dosane umate,
sabab prakara iku wus katindakake dening
Panjenengane sapisan kanggo salawase nalika
Panjenengane ngaturake sarirane piyambak
minangka kurban. 28 Sabab angger-anggering
Toret iku netepake para wong kang nandhang
kaapesan dadi imam agung, nanging supaos,
kang kalairake sawuse angger-anggering
Toret, iku njumenengake Sang Putra, kang
wus sampurna ing salawas-lawase.

Imam Agung prajanjian anyar

8:1-13

8 1 Wose apa kang kita rembug iku
mangkene: kita padha duwe Imam Agung
kang kaya mangkono, kang lenggah ing
satengene dhampare kang Mahaagung ing
swarga, 2 sarta kang ngladosi pangibadah

ing panggonan kang suci, yaiku ing sajrone
tarub kang sejati, yasane Gusti Allah sarta
dudu gaweaning manungsa. 3 Jalaran saben
Imam Agung kapatah nyaosake kurban
sarta pisungsung, mulane Gusti Yesus uga
prelu kagungan kang dipisungsungake.
4 Saupama Panjenengane ana ing bumi iki,
Panjenengane babar pisan ora bakal jumeneng
Imam, amarga ing kene wus ana para imam
kang padha nyaosake pisungsung manut
angger-anggering Toret. 5 Anggone padha
leladi iku minangka gambar lan wewayangane
barang kaswargan, padha kaya kang
kapangandikakake marang Nabi Musa, nalika
bakal ngadani yasa tarub: "Dieling," mangkono
dhawuhe, "kabeh iku kudu sira gawe manut
pola kang wus katuduhake marang sira ana
ing dhuwur gunung iku." 6 Nanging saiki
Panjenengane wus tampa kaimaman kang
luwih dening agung, marga Panjenengane
jumeneng Pantaraning prasetyan kang luwih
mulya, kang alandhesan prasetya kang luwih
luhur.

7 Sabab yen ta prajanjian kang dhisik iku
tanpa cacad, ora bakal digolekake panggonan
maneh kanggo kang kapindho.

8 Dene anggone nacad wong-wong iku nalika
Panjenengane ngandika:

"Satemene, bakal tumeka ing wektune,"
mangkono pangandikane Pangeran,
"Ingsun bakal mranata prajanjian anyar
kalawan turune Israel sarta turune
Yahuda,

9 ora kaya prajanjian kang wis Sunanakake karo para leluhure wong-wong iku, nalika Ingsun nganthi wong-wong iku Sunirid metu saka ing tanah Mesir.
Amarga wong-wong iku ora setya marang prajanjianingSun, sarta Ingsun ngemohi wong-wong iku," mangkono pangandikane Pangeran.
10 "Iya iki prajanjian kang bakal Sunanakake kalawan turune Israel sawise wektu iku," mangkono pangandikane Pangeran.
"Angger-anggeringSun bakal Sunparingake ana ing budine,
sarta Sunserati ing atine, dene Ingsun bakal jumeneng Allahe sarta wong-wong iku bakal dadi umatingSun.
11 Sarta wong-wong iku ora bakal padha mulang maneh marang pepadhane warga utawa marang pepadhane sadulur kanthi ngucap:
Wanuha marang Pangeran! Amarga kang cilik dalah kang gedhe kabeh bakal padha wanuh marang Ingsun.
12 Awitdene Ingsun bakal nandukake sih-piwelas marang kaluputane sarta ora bakal ngengeti marang dosa-dosane."
13 Sarehne Panjenengane ngandika bab prajanjian anyar, mulane iya mratelakake manawa kang dhisik iku prajanjian kang wis dadi lawas, sarta apa kang dadi lawas lan kawak iku wis cepak sirnane.

Panggonan suci ing bumi sarta ing swarga

9:1-10

9 1 Anadene mungguh prajanjian kang
wiwitan iku uga pancen ana pranatan-
pranatane ing bab pangibadah sarta ing bab
pasucen gaweaning manungsa. 2 Jalaran ana
tarub kang kapasang rakit, perangane kang
ngarep dhewe ana ajug-ajuge lan meja kanggo
roti sesaosan. Perangan iki kaaranan pasucen.
3 Ing saburine gubah kang kapindho ana
tarube maneh siji kang diarani pasucen kang
pinunjul. 4 Ing kono ana misbyahe padupan
emas sarta pethi prasetyan kang kalapis emas
bleg; ing jerone ana gucine emas isi manna
sarta lantarane Imam Agung Harun kang wus
tau semi sarta watu blebekan prasetyan, 5 lan
ing sadhuwure ana kerube kamulyan loro kang
ngaubi tutup pangruwatan. Nanging prakara
iki ing samengko ora bisa kita critakake kanthi
wijang.
6 Iya mangkono iku anggone nata papan kang
suci iku. Dene para imam tansah lumebu ing
perangan tarub kang ngarep prelu nindakake
pangibadahe, 7 nanging tarub kang kapindho
iku mung dilebeti dening Imam Agung
piyambak sataun sapisan, lan kudu ngasta
getih kang kasaosake marga saka saririne
piyambak sarta marga saka panerak-panerake
umate kang ora kajarag. 8 Kalawan mangkono
iku Sang Roh Suci anggone nelakake
manawa dalan menyang papan suci durung

kawengakake, salawase tarub kang ngarep
iku isih ana.
[9] Iku minangka pasemon tumrap
ing jaman saiki. Miturut saka iku ana kurban
lan pisungsung kang kasaosake, kang ora
bisa ndadekake sampurnane wong-wong kang
nyaosake manut rumangsaning atine,
[10] marga
kabeh kang wujud pangan lan omben-omben
sarta pisungsung warna-warna iku mung
tatanan tata lair bae, kang mung tumindak
nganti tumekane jaman pambangunan.

Gusti Kristus jumeneng Pantawising prajanjian kang anyar

9:11-28

[11] Balik Gusti Kristus wus rawuh jumeneng
Imam Agung tumrap bab-bab kang becik kang
bakal kalakon. Panjenengane wus nglangkungi
tarub kang luwih gedhe sarta kang luwih
sampurna kang ora kayasa dening tanganing
manungsa, -- tegese dudu panunggalane kang
tumitah iki --,
[12] sarta Panjenengane wus
lumebet ing pasucen sapisan kanggo salawas-
lawase, ora ngasta getihing wedhus lanang
sarta getihing pedhet, nanging ngasta rahe
piyambak. Lan marga saka iku Panjenengane
wus ngangsalake panebus kang langgeng.
[13] Jalaran, manawa getihing wedhus lanang
sarta getihing sapi lanang lan kepyuraning
awune pedhet iku ndadekake sucine wong
kang najis, satemah padha kasucekake tata
lair,
[14] mendahane maneh rahe Gusti Kristus,
kang marga dening Roh kang langgeng wus

ngurbanake sarirane piyambak konjuk ing
Allah minangka pisungsung kang tanpa cacad,
iku rak mesthi bakal ngresiki rumangsaning ati
kita saka pratingkah-pratingkah kang tanpa
guna, supaya kita bisa ngabekti marang Gusti
Allah kang asipat gesang?
15 Mulane Panjenengane jumeneng Pantawise
prajanjian kang anyar, supaya wong-wong
kang wus katimbalan padha bisaa tampa
warisan langgeng kang kaprasetyakake,
amarga Panjenengane wus seda kanggo
nebus panerak-panerak kang ditindakake ing
sajrone prajanjian kang wiwitan. 16 Jalaran
manawa ana layang wasiyat, ing kono kudu
dipratelakake matine kan gawe wasiyat iku.
17 Sabab sawijining layang wasiyat iku lagi
bisa sah, manawa kang gawe wasiyat iku
wus ngajal, sabab wasiyat iku ora tumindak,
salawase kang gawe wasiyat mau isih
urip. 18 Yaiku sababe, dene prajanjian kang
wiwitan ora disahake tanpa getih. 19 Awitdene
nalika Nabi Musa wus ndhawuhake sakehe
pepakon angger-anggering Toret marang
umat kabeh, banjur mendhet getihing pedhet
lan getihing wedhus lanang sarta banyu lan
wulu abang sarta isop, banjur dikepyurake
piyambak ing kitab iku sarta marang umat
kabeh, 20 kalawan ngandika: "Iki getihing
prajanjian kang katetepake dening Allah
tumrap kowe." 21 Mangkono uga tarube lan
sakehe piranti kang kanggo ing pangibadah
iya padha dikepyuri getih. 22 Sarta manut
angger-anggering Toret meh samubarang

kabeh karesikake srana getih sarta ora ana
pangapura manawa tanpa wutahing getih.
[23] Dadi gegambarane samubarang kabeh
kang ana ing swarga iku kudu kasucekake
kalawan patrap mangkono iku, nanging
barang-barang kaswargan dhewe kasucekake
srana kurban kang luwih becik tinimbang iku.
[24] Sabab Sang Kristus ora mlebet ing sajroning
pasucen gaweaning tangane manungsa
kang mung dadi gegambarane kang sejati,
nanging mlebet ing swarga piyambak prelu
sowan ing ngarsane Gusti Allah kanggo
kapreluan kita. [25] Sarta Panjenengane ora
mlebet prelu bola-bali ngurbanake sarirane
piyambak, kayadene Imam Agung kang
saben taun lumebet ing pasucen ngasta
getih kang dudu rahe piyambak. [26] Jalaran
manawa mangkono Gusti kudu bola-bali
anggone nandhang sangsara wiwit jagad iki
dititahake. Nanging saiki Panjenengane mung
sapisan anggone nglairake sarirane, yaiku
ing jaman wekasan, prelu mbirat dosa srana
kurbane piyambak. [27] Sarta padha kayadene
manungsa katetepake mati mung sapisan
bae, lan sawise iku diadili, [28] mangkono uga
Sang Kristus iya mung sapisan bae anggone
ngurbanake sarirane prelu nanggel dosane
wong akeh. Sawise iku bakal ngatingal sapisan
engkas ora prelu nanggel dosa, nanging prelu
maringake karahayon marang wong kang
padha nganti-anti marang Panjenengane.

Pisungsung kang sampurna

10:1-18

10 [1] Ing sajroning angger-anggering Toret
iku mung kamot wewayangan bae
bab karahayon kang bakal ana, sarta dudu
wujuding karahayon iku dhewe. Marga saka
iku kalawan kurban kang padha, kang saben
taun lumintu dikurbanake, angger-anggering
Toret ora bakal gawe sampurnane wong
kang padha nindakake. [2] Jalaran saupama
mangkono, mesthi wong-wong padha ora
nyaosake kurban-maneh, sabab kang padha
nindakake pangibadah iku ora ngrumangsani
dosa maneh awit wis padha karesikake sapisan
kanggo salawas-lawase. [3] Ananging iya malah
marga saka kurban-kurban iku saben taun
wong padha dielingake marang anane dosa.
[4] Sabab mokal manawa getihing sapi lanang
utawa getihing wedhus lanang bisa mbirat
dosa.

[5] Mulane nalika Panjenengane rawuh ing
jagad, matur:

“Kurban saha pisungsung boten Paduka
karsakaken
-- nanging Paduka sampun nyawisaken
badan dhateng Kawula --
[6] Kurban obaran saha kurban pambirating
dosa
boten ndadosaken kepareng Paduka.
[7] Kawula lajeng munjuk:
Lah punika Kawula sowan;

ing salebeting kitab gulungan wonten
seratanipun
bab Kawula supados nglampahi karsa
Paduka,
dhuh Gusti Allah Kawula.”
8 Sakawit Panjenengane matur: “Kurban
saha pisungsung, kurban obaran saha
kurban pambirating dosa sami boten Paduka
karsakaken sarta boten ndadosaken kepareng
Paduka.” -- sanadyan kapisungsungaken
manut angger-anggering Toret --. 9 Nuli matur
mangkene: “Lah punika, Kawula sowan,
badhe nglampahi karsa Paduka.” Sing wiwitan
kasuwak dening Panjenengane, supaya kang
kapindho bisa tumindak. 10 Iya marga karsane
iki, kita wus disucekake sapisan kanggo
salawas-lawase srana kurban sarirane Gusti
Yesus Kristus.
11 Sabanjure saben imam ing sadina-dina
ngimami sarta ambal-ambalan nyaosake
kurban kang padha, kang babar pisan ora bisa
mbirat dosa. 12 Nanging Panjenengane, sawuse
misungsungake kurban siji bae marga saka
dosa, banjur lenggah ana ing tengene Gusti
Allah salawas-lawase, 13 sarta ing samengko
Panjenengane mung ngantos-antos, nganti
tumeka mungsuh-mungsuhe arep kadadekake
ancik-anciking sampeyane. 14 Sabab srana
kurban siji bae Panjenengane wus damel
sampurnane para kang kasucekake ing
salawas-lawase. 15 Lan bab iku Sang Roh Suci
uga maringi paseksen marang kita, 16 sabab
sawuse Panjenengane ngandika:

"Iki prajanjian kang bakal Sunanakake karo
wong-wong iku, sawuse wektu iku,"
Panjenengane banjur ngandika maneh:
"Ingsun bakal maringi angger-anggeringSun
ana ing atine, sarta Sunserat ana ing
budine,
17 sarta Ingsun ora ngenget-enget maneh
marang sakehing dosa lan panerake."
18 Dadi manawa iku kabeh wus kaapura, ora
prelu ana kurban maneh kang kudu kasaosake
marga saka dosa.

Kaantepan

10:19-39

19 Kang iku para sadulur, srana rahe Gusti
Yesus ing samengko kita bisa lumebu ing
papan pasucen kanthi kebak ing kakendelan,
20 amarga Panjenengane wus ngwengani kita
dalan kang anyar sarta urip metu ing gubah,
yaiku saririne piyambak, 21 lan kita duwe
Imam Agung kang ngepalani padalemane
Gusti Allah. 22 Mulane payo padha sowan
ing ngarsane Gusti Allah kanthi ati kang
temen lan eklas sarta kalawan kayakinan
ing pracaya kang kukuh, amarga ati kita
wus karesikan saka rumasaning ati kang ala
lan badan kiat wus kaedusan kanthi banyu
kang resik. 23 Dikukuh anggon kita padha
ngandhemi sahadating pangarep-arep, jalaran
Panjenengane, kang mrasetyakake iku tuhu
setya. 24 Sarta mara padha engon-ingengon,
supaya padha atag-ingatag ing katresnan

lan ing panggawe utama. [25] Kita aja ngedohi
pakumpulan-pakumpulan pangibadah kita,
kaya pakulinane sawenehing wong, ananging
payo padha eling-ingelingake, sarta ngarepake
dinaning Gusti kang saya cedhak iki disaya
mempeng anggon kita tumindak ing gawe.
[26] Jalaran manawa sawise tampa kawruh ing
bab kayekten kita njarag gawe dosa, mesthi
ora ana kurban maneh kanggo mbirat dosa
iku. [27] Ananging kang ana yaiku panganti
marang paukuman kang nggegirisi sarta
geni kang mulad-mulad kang bakal ngobong
sakehing wong kang duraka. [28] Manawa ana
wong nampik angger-anggere Nabi Musa,
iku kaukum pati tanpa palimirma kanthi
paseksene wong loro utawa telu. [29] Mendah
saya abote paukuman kang kudu kasangga
dening wong kang ngidak-idak Putraning Allah,
sarta kang nganggep najis marang rahing
prajanjian kang nucekake, tuwin ngremehake
Rohing sih-rahmat. [30] Jalaran kita sumurup
marang Panjenengane kang ngandika:

“Piwales iku wewenangingSun. Iya Ingsun
kang bakal males.”

Sarta maneh:

“Pangeran bakal ngadili umate.”

[31] Nggegirisi banget, manawa tumiba ing
astane Gusti Allah kang asipat gesang.
[32] Padha elinga marang mangsa kang wis
kapungkur. Sawuse kowe tampa pepadhang,
kowe kerep padha nandhang sangsara akeh
amarga kowe betah nglakoni perjuangan
kang abot, [33] iya nalika kowe padha kagawe

tontonan anggonmu diwewada sarta dianiaya,
iya nalika nglabuhi marang wong kang padha
digawe kaya mangkono mau. 34 Kowe pancen
padha mbelani nandhang sangsara marang
wong kang padha dikunjara sarta nalika
barang darbekmu dirampog, kowe narima
kanthi bungah, amarga kowe padha sumurup,
manawa kowe nduweni bandha kang luwih
becik sarta kang asipat langgeng. 35 Kang
iku aja padha mbuwang pracayamu, amarga
bakal gedhe ganjarane. 36 Sabab kowe butuh
sabar mantep, supaya sawuse kowe nglakoni
karsane Gusti Allah, padha oleha apa kang wis
kaprasetyakake.

37 "Amarga ora antara lawas, malah mung
kurang sadhela bae,
Panjenengane bakal rawuh, wus bakal ana,
ora nyumenekake rawuhe.
38 Nanging wong kagunganingSun kang
bener iku uripe marga saka pracaya.
Dene manawa mundur, Ingsun bakal
ngemohi wong iku."

39 Balik mungguh kita iki dudu panunggalane
wong-wong kang mundur sarta nemahi
karusakan, nanging kang padha pracaya lan
kang kapitulungan nyawane.

Para seksine pracaya

11:1-40

11 1 Pracaya iku dhasaring samubarang
kang kita arep-arep sarta cihnaning
samubarang kang ora katon. 2 Awit iya

marga saka pracaya iku para leluhur kita wus kaparingan paseksen.
3 Marga saka pracaya kita sumurup, manawa alam jembar iki wus katitahake dening sabdane Gusti Allah, temahan samubarang kang kita deleng iku wus tumitah saka kang ora bisa kita deleng.
4 Marga saka pracaya Habel wus nyaosake kurban marang Gusti Allah kang luwih becik katimbang kurbane Kain. Marga saka iku banjur kaseksenan manawa wong bener, amarga pisungsunge ndadekake keparenge Gusti Allah sarta jalaran saka pracaya isih bisa ngucap sawise mati.
5 Marga saka pracaya Henokh kapulung, supaya ora ngalami mati, sarta ora ketemu, jalaran wus kapulung dening Gusti Allah. Awit sadurunge kapulung, wus kaseksenan manawa ndadekake keparenging Allah.
6 Nanging manawa tanpa pracaya mokal yen ndadekake keparenging Allah. Jalaran sing sapa sowan marang ngarsane Gusti Allah iku kudu pracaya manawa Gusti Allah iku ana, sarta maringi ganjaran marang wong kang padha temen-temen ngupaya marang Panjenengane.
7 Marga saka pracaya Rama Nuh -- kalawan pitedahing Allah bab prakara kang durung kauningan -- kanthi setya damel prau kanggo nylametake kulawargane; lan marga saka pracaya iku panjenengane ngadili jagad lan kapesthekake tampi kabeneran, laras kalawan pracayane.

[8] Marga saka pracaya Rama Abraham
mbangun-turut, nalika katimbalan supaya
bidhal menyang ing panggonan kang bakal
ditampeni dadi pusakane, banjur bidhal
mangka ora mirsa ing ngendi papan kang
bakal kajujug. [9] Marga saka pracaya iku
panjenengane manggen ing tanah kang
kaprasetyakake kaya-kaya ana ing tanah
ngamanca sarta ana ing kono panjenengane
dedalem ana ing tarub karo Iskak lan
Yakub, kang padha ndherek dadi ahli warise
tunggal prasetya iku. [10] Jalaran panjenengane
ngantos-antos kutha kang atetales, kang
karancang sarta kayasa dening Gusti Allah.
[11] Marga saka pracaya, dalah Ibu Sara
kaparingan kakiyatan nedhakake putra-wayah,
sanadyan wus lungse ing yuswa; amarga
ngugemi manawa kang maringi prasetya iku
setya. [12] Iya iku jalarane, dene saka wong siji,
tur prasasat wong kang wus mati, sumebar
tedhak turune, kaya lintang ing langit sarta
kaya wedhi ing pinggir sagara kang tanpa
wilangan cacahe.
[13] Iku mau kabeh sedane sajroning
pracaya, durung nganti nampani apa kang
kaprasetyakake, mung mirsani saka kadohan
lan ngawe-awe saka kadohan, sarta padha
ngaken manawa dadi wong manca sarta wong
neneka ana ing bumi iki. [14] Jalaran wong kang
ngucap mangkono iku nelakake, manawa
padha kapengin ngupaya tanah wutah rah.
[15] Mangka saupama padha ngengetana ing
tanah wutah rah kang wus tinilar, padha

kagungan wektu kang omber kanggo kondur.
16 Nanging saiki padha kapengin marang tanah
wutah rah kang luwih becik, yaiku tanah wutah
rah kaswargan. Mulane Gusti Allah ora lingsem
sinebut Gusti Allahe, marga Panjenengane
wus nyadhiyani kutha.
17 Marga saka pracaya Rama Abraham nalika
kacoba, ngurbanake Iskak. Panjenengane,
kang wus kaparingan prasetya, lila ngurbanake
putrane ontang-anting, 18 sanadyan marang
panjenengane wus kapangandikakake: "Trah
kang saka Iskak iku kang bakal kasebut
turunira." 19 Jalaran panjenengane manggalih,
manawa Gusti Allah kuwaos nangekake wong,
sanadyan saka ing antarane wong mati. Sarta
prasasat saka ing kono anggone nampeni
wangsul putrane.
20 Marga saka pracaya Rama Iskak anggone
mberkahi marang Yakub sarta Esau kanthi
mirsani kang bakal kalakon.
21 Marga saka pracaya Rama Yakub, nalika
ndungkap bakal sedane, mberkahi putrane
Sang Yusuf sakarone, banjur sujud kanthi
tumungkul in bongkoting lantarane.
22 Marga saka pracaya Sang Adipati Yusuf
nalika ndungkap ing sedane martakake bab
bakal budhale Banisrael sarta paring piweling
bab layone.
23 Marga saka pracaya Nabi Musa, sawiyose,
diumpetake dening rama-ibune lawase telung
sasi, amarga padha nguni-ngani, manawa
bayi iku bagus rupane sarta ora wedi marang
prentahe Sang Prabu.

[24] Marga saka pracaya Nabi Musa nalika
wus diwasa ora karsa sinebut putrane Sang
Prabu Pringon, [25] jalaran panjenengane milaur
nandhang sangsara karo umate Gusti Allah,
katimbang karo ngraosake kamuktening dosa
sawatara mangsa [26] sarta nganggep, manawa
karemehake amarga saka Sang Kristus iku
kasugihan kang luwih gedhe tinimbang karo
sakehing rajabranane tanah Mesir, awit kang
ditenga iku kanugrahan.
[27] Marga saka pracaya mulane banjur nilar
tanah Mesir, ora ajrih marang dukane Sang
Prabu, awit tansah mantep mbetahake
prasasat mirsani apa kang ora katon.
[28] Marga saka pracaya panjenengane mranata
Paskah sarta pangepyuring getih, supaya
anak-anak pambarep aja nganti kagepok
dening kang nenumpes.
[29] Marga saka pracaya wong-wong iku padha
ngliwati Sagara Abang kaya lumaku ing
dharatan, mangka wong-wong Mesir padha
klelep, nalika padha nyoba mangkono uga.
[30] Marga saka pracaya baluwartine kutha
Yerikho padha jugrug, sawise diubengi pitung
dina lawase.
[31] Marga saka pracaya Rakhab, wong wadon
tuna-susila, ora katut katumpes bareng karo
wong-wong duraka, amarga wus nampani
para telik iku kalawan becik.
[32] Sarta apa maneh sing kudu
dakpratelakake? Jalaran aku bakal kakurangan
wektu, manawa aku arep nyritakake bab
Hakim Gidheon, Barak, Simson, Yefta, Sang

Prabu Dawud lan Nabi Samuel sarta para nabi,
33 kang marga saka pracaya wus nelukake
nagara-nagara, nindakake pangadilan,
nampani apa kang wis kaprasetyakake,
mbungkem cangkeme singa-singa, 34 nyirep
geni kang mulad-mulad. Wong iku padha
oncat saka landhepe pedhang, wus tampa
kakuwatan sajrone nandhang apes, wus padha
dadi santosa ing sajroning paprangan sarta
wus ngundurake wadyabalaning mungsuh.
35 Para ibu nampani maneh wong-wonge sing
wis mati, jalaran padha ditangekake. Nanging
wong-wong liyane padha milaur dipilara sarta
ora gelem diluwari, supaya padha tampa
patangen kang luwih becik. 36 Ana maneh kang
dipoyoki sarta disapu, malah ana kang dibanda
sarta dikunjara. 37 Padha dibenturi watu,
digraji, dipateni kalawan pedhang; wong-wong
iku padha nglembara kalawan manganggo
lulang wedhus gembel lan lulang wedhus
jawa, padha kacingkrangan, disangsara sarta
dikaniaya. 38 Donya iki ora pantes tumrap
wong-wong iku. Padha nglambrang ana ing
pasamunan sarta ing pagunungan, sajroning
guwa-guwa sarta ing luweng-luwenging bumi.
39 Sarta wong iku kabeh padha ora tampa
apa kang kaprasetyakake iku, sanadyan
pracayane wus aweh paseksen kang becik
tumrap wong-wong iku. 40 Jalaran Gusti Allah
wus nyadhiyani kang luwih becik tumrap kita;
tanpa kita wong-wong iku ora bisa tumeka ing
kasampurnan.

Pitutur supaya mantep ing pracaya

12:1-17

12 [1] Sarehne kita duwe seksi akeh banget,
kayadene mega kang ngupengi kita,
mulane payo padha mbuwang sakabehing
momotan sarta dosa kang tansah ngganggu-
gawe kita, sarta kalawan mantep padha
lumayu ing pabalapan kang kawajibake
marang kita. [2] Payo padha kita lakoni kanthi
mandeng marang Gusti Yesus, kang nuntun
kita ing sajroning pracaya sarta kang ngasta
pracaya kita marang kasampurnan, kang ora
ngetang kanisthan manggul salib kalayan
mantep, sulihing kabungahan kang kacawisake
kagem Panjenengane kang samengko lenggah
ana ing tengening dhampare Gusti Allah.
[3] Padha tansah elinga marang Panjenengane
kang mantep anggone nahanake pambantahe
para wong dosa kang nganti samono iku
marang Panjenengane, supaya kowe aja
nganti padha lesu sarta semplah. [4] Anggonmu
perang nanggulangi dosa iku durung nganti
padha ngwutahake getih. [5] Sarta apa kowe wus
padha lali marang pitutur kang kadhawuhake
marang kowe kaya marang para putra:

"He anakku, aja nyepelekake
panggulawenthahe Gusti Allah,
sarta aja padha nglokro manawa kowe
dielingake;
[6] amarga Gusti Allah matrapi marang kang
ditresnani,

sarta nggebagi kang kaanggep putra."
7 Manawa kowe padha ngalami dipatrapi, dadi
kowe karengkuh putrane Gusti Allah. Endi
ta ana anak kang ora tau dipatrapi dening
bapakne? 8 Nanging manawa kowe ora tau
dipatrapi, kang kudu kasandhang ing saben
wong, dadi kowe dudu putra, nanging anak
jadah. 9 Sabanjure; saka bapa kita kang
sabenere, kita wus kapatrapan, mangka iku
padha kita eringi, mendahane maneh manawa
kita oraa kudu sumuyud marang Ramane
sakabehing roh, supaya kita kepareng urip?
10 Bapa kita matrapi kita mung sawatara
mangsa miturut apa bae kang kaanggep becik,
nanging Panjenengane anggone matrapi kita
iku murih becike, supaya kita kapanduman
kasucene. 11 Sarupaning patrapan iku
samangsa lagi kaparingake pancen ora
mbungahake, malah nyedhihake. Nanging
sateruse banjur metokake wohing kayekten
kang njalari tentrem marang wong-wong kang
wis padha kalantehake ing bab iku.

12 Mulane kencengna tangan kang lemes
sarta dhengkul kang keklok; 13 sarta jejegna
lakune sikilmu, supaya kang pincang aja
nganti kongsul, nanging dadi waras.

14 Padha ngudia rukun karo sakabehing
wong, sarta ngaraha marang kasucen; jalaran
tanpa kasucen siji bae ora ana kang bakal
ndeleng Gusti Allah. 15 Padha diawas aja nganti
ana sing ngoncati sih-rahmate Gusti Allah,
supaya aja nganti ana oyod pait kang thukul,
kang nuwuhake rerusuh sarta kang njemberi

wong akeh. [16] Aja ana kang laku jina utawa
kang nduweni pepenginan kang asor kaya
Esau, kang ngedol wewenange dadi pambarep
diurupake pangan sapiring. [17] Jalaran kowe
padha sumurup, manawa sawuse mangkono,
nalika arep nampani berkah, ditampik,
sabab ora oleh wewengan kanggo ndandani
kaluputane, sanadyan anggone ngupaya
kanthi mbrebes mili.

Tanggung jawab kang abot

12:18-29

[18] Amarga kowe ora padha marani gunung
kang bisa kagepok sarta geni kang mulad-
mulad, tuwin pepeteng alimengan lan
lesus, [19] unine kalasangka apadene unining
swara, kang ndadekake para kang krungu
nganti padha nyuwun, supaya aja nganti
dipangandikani maneh, [20] awit padha ora
betah ngrungokake dhawuh iki: "Dalah
kewan manawa ana kang nggepok marang
gununge, iku kudu dibenturi watu." [21] Sarta
tetingalan iku nggegirisi banget, nganti Nabi
Musa ngandika: "Aku giris lan gumeter."
[22] Nanging kowe wis padha cedhak karo
gunung Sion, karo kuthane Gusti Allah kang
asipat gesang, Yerusalem kaswargan sarta
karo golonganing malaekat maewu-ewu,
sawijining kumpulan kang rame nyenengake,
[23] sarta karo pasamuwane para pambarep,
kang jenenge wus padha katulisan ana ing
swarga, sarta karo Gusti Allah, kang ngadili

sakabehing wong, sarta maneh karo rohe
para wong mursid kang kasampurnakake,
24 sarta karo Gusti Yesus, Pantawise prajanjian
kang anyar, lan karo rah pangepyuran kang
wicarane luwih cetha tinimbang karo getihe
Habel.
25 Dipadha prayitna, supaya aja padha nampik
marang Panjenengane, kang medharake
pangandika. Jalaran manawa wong-wong
kang nampik marang Panjenengane kang
nglairake pangandikane Gusti Allah ana ing
bumi iku, ora bisa oncat, apamaneh kita,
manawa kita nyingkur marang Panjenengane,
kang ngandika saka ing swarga. 26 Ing nalika
samana swarane nggonjingake bumi, nanging
samengko Panjenengane maringi prasetya:
"Ingsun bakal ngoregake sapisan engkas
ora ngemungake bumi bae, malah langit
uga." 27 Tetembungan "sapisan engkas" iku
nuduhake owah-owahane samubarang kang
bisa digonjingake, kaya apa kang katitahake,
supaya tetepa samubarang kang ora bisa
gonjing. 28 Kang iku, sarehne kita padha
nampani nagara kang ora bisa gonjing, payo
padha ngaturake panuwun lan padha ngabekti
marang Gusti Allah, miturut cara kang
kakarsakake, kanthi hurmat lan wedi-asih.
29 Sabab Gusti Allah iya asipat geni kang gawe
gosong.

Pitutur sarta pandonga rahayu

13:1-25

13 1 Rumatana katresnaning pasaduluran!
2 Kowe aja padha lali aweh
pamondhokan marang wong, jalaran
saka mangkono iku ana sawenehing wong
sing padha ora sumurup manawa wus ngaturi
pasugatan marang para malaekat. 3 Padha
elinga marang para pasakitan, jalaran kowe
dhewe uga pasakitan. Sarta padha elinga
marang wong kang padha kinaniaya, amarga
kowe dhewe iya isih urip ana ing donya iki.
4 Nikah iku ajenana sarta aja njemberake
paturon, sabab wong kang padha laku jina lan
bandrek iku bakal dipatrapi dening Gusti Allah.
5 Kowe aja padha karem bandha sarta padha
marema ing saanane. Awit Gusti Allah wus
ngandika: "Ingsun ora bakal negakake sira lan
sira ora pisan-pisan bakal Suntilar."
6 Marga saka iku kanthi yakin kita bisa
ngucap:

"Gusti Allah kang mitulungi aku.
Aku bakal ora wedi.
Manungsa bisa manggawe apa marang aku?"

7 Padha elinga marang para pangiridmu, kang
wis nggelarake pangandikane Gusti Allah
marang kowe. Padha mawanga wekasaning
sugenge arta padha nulada ing pracayane.
8 Gusti Yesus Kristus iku dhek wingi apadene
ing dina iki sarta ing salawas-lawase tetep ora
ewah gingsir. 9 Kowe aja padha nganti kena

diblasukake dening piwulang warna-warna
liyane. Amarga sing becik iya iku manawa
atimu kasantosakake kalawan sih-rahmat,
sarta ora kalawan pangan warna-warna
kang ora maedahi marang wong kang padha
nuruti marang aturaning pangan kang kaya
mangkono iku. 10 Kita padha duwe misbyah,
sarta wong-wong kang padha ngladeni tarub
iku ora kena mangan apa kang saka ing
misbyah iku. 11 Jalaran mungguh kewan-kewan
kang getihe kagawa lumebu marang ing
pasucen dening Imam Agung minangka
pambirating dosa, iku padha kaobong ana ing
sajabane pamandhahan. 12 Iya iku sababe
dene Gusti Yesus wus nandhang sangsara
ana ing sajabaning saketheng prelu nucekake
umat kagungane srana rahe piyambak. 13 Awit
saka iku, lah payo padha sowan Panjenengane
ana ing sajabane pakuwon sarta nglabuhi
kanisthane. 14 Amarga ana ing kene kita padha
ora duwe papan padunungan kang tetep; kita
padha ngupaya kutha kang bakal ana. 15 Kang
iku payo kita padha tansah saos kurban
pamuji sokur marang Gusti Allah lumantar
Panjenengane, iya iku kang arupa wohing
lambe kang ngluhurake asmane. 16 Sarta aja
lali nindakake kabecikan lan aweh pitulungan,
jalaran iya kurban-kurban kang mangkono iku
kang ndadekake keparenge Gusti Allah.

17 Padha mbangun-turuta sarta sumuyuda
marang para pangiridmu, awit iku kang padha
rumeksa marang nyawamu, sarta kang padha
kudu ngunjukake tanggung-jawab. Kanthi

patrap mangkono iku bakal padha nglakoni
kalawan rena, ora kalawan ngesah, awit iku
ora bakal maedahi tumrap kowe.
[18] Aku padha tansah dongakna, jalaran aku
padha mesthekake, manawa aku padha duwe
rumangsaning ati kang becik, amarga aku
padha ngarah supaya satindak-tandukku
bisaa utama. [19] Luwih maneh pituturku
marang kowe, supaya kowe padha nindakake
mangkono iku supaya aku enggal-enggala
kabalekake marang kowe.
[20] Dene Gusti Allahing tentrem-rahayu kang
kanthi rahing prasetyan kang langgeng wus
ngentasake saka ing antarane wong mati.
Pangene sakabehing wedhus kang pinunjul,
iya iku Gusti Yesus, Gusti kita, [21] muga-muga
mirantenana kowe kalawan samubarang
kabeh kang becik kanggo nindakake karsane,
sarta nindakake ana ing antara kita apa
sakeparenge, dening Gusti Yesus Kristus.
Panjenengane iku kang sayogya kamulyakake
nganti salawas-lawase! Amin.
[22] Sarta kowe padha dakpituturi, para
sadulur, tembung-tembung pepeling iki
padha tampanana kalawan eklasing ati,
sanadyan layangku marang kowe iki cekak.
[23] Wruhanamu, manawa sadulur Timoteus, iya
sadulur kita, wus mangkat. Samasa iku wus
teka, aku arep enggal niliki kowe kabeh bareng
dheweke. [24] Salam pandongaku tumekaa
marang sakabehe pangiridmu sarta marang
para suci kabeh. Tampanana salame para
sadulur ing Italia.

25 Sih-rahmat nunggila ing kowe kabeh.

YAKOBUS

Salam

1:1

1 1 Salam saka Yakobus, abdine Gusti Allah
sarta Gusti Yesus Kristus, marang taler
rolas kang padha ana ing tanah manca.

Pracaya lan kawicaksanan

1:2-8

2 He, para sadulurku, anggepen sawijining
kamulyan, manawa kowe padha kataman
ing panyoba warna-warna, 3 jalaran kowe
padha sumurup, manawa pandadaran tumrap
pracaya iku nuwuhake sabar mantep. 4 Sarta
sabar mantep iku kareben metokake woh
kang sampurna, supaya kowe dadi sampurna
lan mulus, sarta ora kekurangan sawiji apa.
5 Dene manawa panunggalanmu ana kang
kekurangan kawicaksanan, iku nyuwuna
marang Gusti Allah, kang maringi marang
sakabehing wong kanthi eklas, ora kanthi
ngundhat-undhat, sarta bab iku bakal
kaparingake marang dheweke. 6 Mung bae
panyuwune iku kang kanthi pracaya sarta aja
nganggo mangu-mangu, jalaran wong kang
mangu-mangu iku padha bae karo ombaking
sagara, kang katempuh ing angin mawalikan

mrana-mrene. 7 Wong kang mangkono iku aja
duwe pangira, manawa bakal oleh apa-apa
saka Pangeran. 8 Jalaran wong kang atine
mangro, ora bakal tentrem uripe.

Kaanan asor lan sugih

1:9-11

9 Sadulur kang asor iku nggunggunga ing
bab kaluhurane, 10 sarta kang sugih iku
nggunggunga ing bab kaasorane, jalaran
bakal sirna kaya kembanging suket. 11 Jalaran
srengenge sawise mlethek kanthi panase
kang sumelet, banjur nggaringake suket iku,
temahan gogrog kembange, ilang kaendahane.
Mangkono uga wong sugih iya bakal sirna ing
sajrone pambudi-dayane.

Pandadaran sarta panyoba

1:12-18

12 Rahayu wong kang tanggon sajrone
kena ing panyoba, jalaran manawa wis
katitik tanggon, bakal nampani makuthaning
kauripan, kang wis kaprasetyakake dening
Gusti Allah marang wong kang padha tresna
ing Panjenengane. 13 Manawa ana wong kang
kena ing panggodha aja ngucap mangkene:
“Aku digodha dening Allah.” Jalaran Gusti
Allah ora bisa digodha dening piala, sarta
Gusti Allah ora nggodha marang wong.
14 Nanging saben wong digodha dening
pepenginane dhewe, jalaran disered sarta

dibujuk dening pepenginane dhewe. 15 Sarta
manawa pepenginan iku wus ngandhut,
mbanjur manak dosa, sarta manawa dosa iku
wus mateng bakal nglairake pati.
16 He, para sadulur kang daktresnani, aja
padha kesasar! 17 Angger peparing kang becik
sarta ganjaran kang sampurna iku saka ing
luhur, tumurun saka ing Ramane sakehing
pepadhang, kang ora owah gingsir utawa ora
ana empering pamalike. 18 Marga saka karsane
piyambak Panjenengane wus mbabarake kita
srana pangandikaning kayekten, supaya kita
padha ana ing tataran kang gumathok, yaiku
dadi putra pambarep ing antarane para titahe
kabeh.

Kang ngrungokake utawa kang mbangun turut marang ing pangandika

1:19-27

19 He para sadulur kang daktresnani, elinga
marang bab iki: saben wong dienggal manawa
ngrungokake, nanging disareh manawa
calathu, mangkono uga ditamban manawa
nepsu; 20 jalaran nepsune manungsa iku ora
ndadekake kang bener ana ing ngarsane Allah.
21 Mulane padha biraten sarupaning rereged
sarta piala kang kaliwat akeh lan tampanana
kanthi legawaning ati pangandika kang
katandur ing atimu, kang bisa nylametake
nyawamu.
22 Nanging padha nglakonana ing pangandika,
aja mung ngrungokake bae, jalaran manawa

ora mangkono kowe ngapusi awakmu dhewe.
23 Sabab manawa wong mung ngrungokake
pangandika bae, mangka ora nganggo
dilakoni, iku kayadene wong kang lagi
namatake raine dhewe kang sanyata ana ing
pangilon. 24 Sawise ndeleng awake dhewe,
salungane tumuli wis lali kaya apa rupane.
25 Nanging sing sapa nliti angger-angger
kang sampurna yaiku angger-angger kang
mardikakake manungsa, sarta nganggo
diantepi, dadi ora mung ngrungokake banjur
lali, nanging nglakoni temenan, iku bakal
rahayu marga saka panggawene dhewe mau.
26 Saupama ana wong kang rumangsa
ngibadah, mangka ora mekak ilate, iku
ngapusi awake dhewe, lan pangibadahe tanpa
guna. 27 Pangibadah kang murni sarta tanpa
cacad ana ing ngarsaning Allah, Rama kita,
yaiku niliki bocah lola sarta para randha
sajroning kasusahane lan njaga supaya awake
dhewe aja nganti kena ing jejembering donya.

Aja mawang wong

2:1-13

2 1 He para sadulurku, sarehne kowe kabeh
iku wong kang pracaya marang Gusti
Yesus Kristus, Gusti kita kang Mahamulya,
anggonmu ngetrapake pracayamu aja nganggo
mawang wong. 2 Jalaran saupama ana wong
kang lumebu ing kumpulanmu nganggo
ali-ali mas, manganggo sarwa mompyor
sarta uga ana wong miskin kang lumebu

manganggo sarwa ala, 3 nuli kowe padha
ngajeni marang kang manganggo mompyor
mau lan koktuturi mangkene, “Panjenengan
kula aturi lenggah ing panggenan ingkang
sae punika!”, mangka kang miskin kokpituturi
mangkene, “Sampeyan ngadeg ngriku!”
utawa: “Sampeyan linggih ing ngandhap ngriki
celak ancik-ancik kula!”, 4 apa kowe ora wis
padha mbedak-mbedakake sajroning atimu
sarta tumindak dadi jeksa kang ala pikirane?
5 Rungokna ta, sadulur-sadulurku kang
daktresnani, Gusti Allah apa ora wus milih
wong miskin ing donya iki, supaya padha dadia
sugih ing sajroning pracaya sarta padha dadi
ahli-warise Kraton, kang wis diprasetyakake
marang kang padha nresnani Panjenengane?
6 Nanging kowe iku padha ngremehake marang
wong miskin. Malah apa ora wong sugih kang
padha nganiaya kowe sarta nyered kowe
marang ngarsane pangadilan? 7 Apa dudu iku
kang padha nyenyamah Asma kang mulya,
kang njalari kowe padha dadi kagungane Gusti
Allah 8 Nanging, manawa kowe netepi angger-
angger kang utama kang katulis ing Kitab
Suci: “Sira tresnaa ing sapepadhanira dikaya
marang awakira dhewe,” dadi sira tumindak
becik. 9 Nanging manawa kowe padha mawang
wong, kowe nglakoni dosa sarta marga
saka angger-angger iku, banjur nyata yen
kowe nglakoni panerak. 10 Jalaran sing sapa
netepi sakehing angger-angger iku, mangka
nglirwakake saprakara, dheweke iku kaluputan
marang sakabehe. 11 Jalaran Panjenengane

kang ngandika: “Sira aja laku bedhang,” iku
uga ngandika: “Sira aja mematеni.” Dadi
sanadyan kowe ora laku bedhang, nanging
gawe pepati, iku kowe uga dadi wong kang
nerak ing angger-angger. 12 Calathua sarta
tumindaka kaya wong kang bakal padha
diadili miturut angger-anggering kamardikan.
13 Awitdene tumindake pangadilan iku bakal
tanpa welas ing ngatase wong kang ora
nglakoni kawelasan. Nanging kawelasan iku
bakal unggul lawan pangadilan.

Pracaya tanpa panggawe iku sajatine mati

2:14-26

14 He para sadulurku, paedahe apa, manawa
ana wong ngaku nduweni pracaya, mangka
ora ana panggawene? 15 Saupama ana sadulur
lanang utawa wadon kang kacingkrangan
ing bab sandhang lan pangane ing saben
dinane, 16 nuli ana panunggalanmu kang
nuturi mangkene: “Wis mangkata, daksangoni
slamet, nganggoa sandhangan kang anget
sarta mangana sing wareg.” Nanging ora
menehi kang dadi kabutuhane badane, iku
paedahe apa? 17 Mangkono uga tumrap
pracaya: Manawa pracaya iku ora dikantheni
panggawe, iku sajatine mati.
18 Nanging bisa uga ana kang muni
mangkene: “Kowe iku kang nduweni pracaya,
aku iki nduweni panggawe.” Aku bakal
mangsuli: “Mara tuduhana pracayamu kang
tanpa panggawe iku, sarta kowe bakal

daktuduhi pracayaku saka panggawe-
panggaweku.” 19 Kowe pracaya, manawa
mung ana Gusti Allah siji? Iku becik. Nanging
setan uga pracaya ing bab iku, banjur
padha gumeter. 20 He, wong bodho, apa
kowe saiki gelem ngakoni, manawa pracaya
tanpa panggawe iku pracaya kang kothong.
21 Leluhur kita Rama Abraham iku apa ora
awit saka panggawe-panggawene anggone
kabenerake, nalika nyaosake kang putra
Iskak ana ing misbyah? 22 Kowe padha
sumurup, manawa pracaya iku tumindak
bebarengan karo panggawe, sarta marga
saka panggawe iku pracaya dadi sampurna.
23 Temah kayektenan nas kang surasane
mangkene: “Anadene Rama Abraham pracaya
marang Gusti Allah, mangka iya iku kang
kaetung dadi kasampurnane.” Amarga saka
iku Rama Abraham kasebut: “Mitrane Gusti
Allah.” 24 Dadi kowe padha sumurup, manawa
manungsa anggone kabenerake iku jalaran
saka panggawe, ora mung saka pracaya
bae. 25 Mangkono uga Rakhab, si sundel iku,
apa ora awit saka panggawene anggone
kabenerake, nalika ndhelikake para utusan
ing omahe, banjur nulungi lolose metu ing
dalan liya? 26 Jalaran kayadene badan tanpa
sukma iku mati, mangkono uga pracaya tanpa
panggawe iku iya mati.

Dosaning ilat

3:1-12

3 1 He para sadulurku, panunggalanmu aja
akeh kang padha dadi guru, jalaran kita
padha sumurup, manawa kita dadi guru, bakal
padha diadili kalawan ukuran kang luwih abot.
2 Amarga kita kabeh padha kaluputan ing
prakara akeh, sing sapa ora kaluputan ing
tetembungane, iku wong sampurna, wis bisa
ngereh marang saranduning badane kabeh.
3 Lah ta jaran iku padha kita etrapi kendhali ing
cangkeme, satemah manut marang kita, kita
bisa ngendhaleni badane kabeh. 4 Lan maneh
coba pikiren bae, prau-prau kapal sanadyan
gedhe banget sarta disurung ing angin kang
banter, ewasamono kena kainger-ingerake
sarana kemudhi kang cilik banget, manut ing
sakarepe jurumudhine. 5 Mangkono uga ilat,
sanadyan dadi perangane badan kang cilik,
ewadene bisa ngumukake prakara-prakara
kang gedhe.

Lah, geni iku sanadyan mung sapelik bisa
ngobong alas kang gedhe. 6 Ilat iku iya geni,
prasasat jagading kadurakan sarta dununge
ana ing antarane peranganing badan kita, dadi
sawijining perangan kang bisa ngregedi badan
sakojur sarta bisa ngobong rodhaning urip
kita, dene ilat iku dhewe kasaladan dening
geni naraka. 7 Mungguh sakabehing buron
alas, manuk, sarta kewan rumangkang lan
kang ana ing sagara, iku kadadekake tutut

lan wis kalakon didadekake tutut dening
manungsa, 8 nanging ora ana wong kang
bisa gawe tututing ilat; iku piala kang kaya
kewan galak, ora kena dikendhaleni sarta
kebak wisa kang neniwasi. 9 Kalawan ilat kita
memuji marang Gusti Allah, Rama kita, sarta
kalawan ilat kita nyupatani manungsa, kang
katitahake manut citraning Allah, 10 cangkem
siji metokake berkah lan ipat-ipat. Bab iki,
para sadulurku ora kena mangkono. 11 Apa ana
sumber kang metokake banyu tawa lan pait
saka tuk siji? 12 Para sadulurku, wit anjir apa
iya bisa metu wohe jaitun utawa wit anggur
metu wohe anjir? Mangkono uga sumber
banyu asin ora bisa metokake banyu tawa.

Kawicaksanan kang saka ing ngaluhur

3:13-18

13 Sapa panunggalanmu kang wicaksana
sarta limpad ing budi? Iku nuduhna
panggawene uripe kang utama kalawan
kawicaksanan, kang tuwuh saka budi sareh.
14 Manawa sajroning atimu kowe padha
nduweni rasa meri sarta mung mikir marang
awakmu dhewe, kowe aja padha gumunggung
sarta aja goroh nyulayani kayekten! 15 Iku
dudu kawicaksanan kang tumurun saka ing
ngaluhur, nanging saka ing donya, saka ing
hawa-nepsuning manungsa, saka setan-setan.
16 Sabab ing ngendi ana kameren sarta sipat
mung mikir awake dhewe, ing kono ana
rerusuh sarta sarupane panggawe ala. 17 Balik

kawicaksanan kang saka ing ngaluhur, iku
kang dhisik dhewe murni, sabanjure dhemen
rukun, sumlondhoh, mbangun turut, sugih
kawelasan sarta woh-woh kang becik, ora
ilon-ilonen sarta ora lamis. [18] Sarta mungguh
wohing kayekten iku kasebarake sajrone tata
rukun tumrap wong-wong kang olah tata
rukun.

Hawa-nepsu sarta watak kadonyan

4:1-10

4 [1] Saka ing ngendi tekane kekerengan sarta
cecongkrahan ing antaramu iku? Apa ora
saka hawa-nepsu kang tansah paprangan
ana ing sajroning badanmu? [2] Kowe padha
melik marang sawijining barang, nanging ora
kalakon, kowe banjur memateni; kowe meri,
mangka ora bisa katurutan, kowe banjur
padha padu sarta kerengan. Kowe ora oleh
apa-apa, amarga padha ora ndedonga. [3] Utawa
kowe uga ndedonga, nanging kowe ora oleh
apa-apa, amarga anggonmu ndedonga iku
kleru, jalaran apa kang koksuwun iku bakal
kokentekakake kanggo ngumbar hawa-nepsumu.
[4] He wong kang padha ora setya, apa kowe
padha ora sumurup, manawa memitran karo
donya iku dadi sesatron karo Gusti Allah?
Kang iku sing sapa dadi mitrane donya, iku
ndadekakake awake dhewe dadi satrune Gusti
Allah. [5] Aja duwe pangira, manawa Kitab Suci
iku tanpa sabab anggone ngandika: "Roh kang
wis kadunungake Gusti Allah ana ing kita,

dikarsakake kanthi butajengan.” [6] Nanging
sih-rahmat kang diparingake marang kita iku
ngluwihi iku. Marga saka iku Panjenengane
ngandika:

“Gusti Allah nglawan wong kang
kumalungkung, nanging maringi
sih-rahmat marang wong kang
andhap-asor.”

[7] Marga saka iku padha nungkula marang
Allah. Iblis tanggulangen, temahan bakal
lumayu nglungani kowe! [8] Padha nyedhakana
marang Gusti Allah; Gusti Allah bakal nyelaki
kowe. Tanganmu padha resikana, he wong
dosa, sarta atimu padha eningna, he wong
kang duwe ati rangkep. [9] Padha rumangsaa
kesrakat, padha prihatina sarta nangisa;
guyumu salinana tangis, sarta kabungahanmu
salinana prihatin. [10] Esorna badanmu ana ing
ngarsane Pangeran, sarta Panjenengane bakal
ngluhurake kowe.

Aja mitenah wong

4:11-12

[11] He para sadulurku, aja padha catur-
cinatur ala! Sing sapa nyatur ala utawa
ngadili sadulure, iku nacad sarta ngadili
angger-angger, sarta manawa kowe ngadili
angger-angger, dadine kowe dudu kang
nglakoni angger-angger, nanging dadi
hakime. [12] Mung siji kang nganakake
angger-angger sarta kang jumeneng Hakim,
yaiku Panjenengane kang kuwaos nylametake

sarta numpes. Nanging kowe iku sapa, dene
kok ngadili pepadhamu?

Sajrone ngrancang aja lali marang Gusti Allah

4:13-17

13 Dadi saikine, heh kowe kang padha duwe
ujar mangkene: “Ing dina iki utawa sesuk aku
arep mangkat menyang kutha anu, sarta arep
lereb ana ing kono setaun lawase, arep laku
dagang sarta golek bathi”, 14 mangka kowe
padha ora sumurup apa kang bakal kalakon ing
dina sesuk. Apa ta tegese uripmu iku? Uripmu
iku padha karo uwab, katon mung sadhela
banjur sirna. 15 Sabenere kowe kudu ngucap
mangkene: “Manawa Pangeran marengake,
aku bakal kasambungan umur sarta bakal
nglakoni mangkene utawa mangkono.”
16 Nanging saikine sing kokegungake iku
umukmu. Sarupane gumunggung kang
kaya mangkono iku luput. 17 Dadi sing sapa
mangreti ing bab panggawe becik, mangka
ora nglakoni, iku dadi lan dosane.

Pepeling marang wong sugih

5:1-6

5 1 Ing saikine, he para wong sugih, nangisa
sarta sesambata marga saka anane
sangsara kang bakal tumempuh ing kowe!
2 Kasugihanmu wis bosok sarta sandhanganmu
padha kamangsa ing renget. 3 Mas sarta

salakamu kapangan ing timbrah lan timbrahe
bakal dadi paseksen tumrap ing kowe kabeh,
sarta bakal memangsa dagingmu kayadene
geni. Kowe wus numpuk bandha ing dina-dina
wekasan iki. 4 Sajatine wus kaprungu
panguwuh-uwuh, amarga opahing buruh
kang wis padha ngeneni pametuning tegalmu
koktahan, pangresulane wong kang padha
derep wis kapireng ing talingane Pangeraning
sakabehe tumitah. 5 Ana ing bumi iki kowe wus
urip mukti sarta seneng-seneng. Kowe wus
padha nyeneng-nyenengake atimu, kaya ing
dina pasembelehan. 6 Wong bener kokukum
malah kokpateni, lan ora bisa nglawan marang
kowe.

Sabar sajroning nandhang sangsara

5:7-11

7 Kang iku para sadulur, padha disabar nganti
tumeka rawuhe Gusti! Sajatine wong tani iku
nganti-anti marang pametuning bumine kang
adi sarta disrantekake, nganti tekane udan ing
mangsa rontog lan ing mangsa semi. 8 Kowe
uga padha disabar, atimu padha santosakna,
amarga rawuhe Gusti wis cedhak! 9 He para
sadulur, kowe aja padha nggresah lan dakwa-
dinakwa, supaya kowe aja nganti diadili.
Sajatine Sang Hakim wis jumeneng ing ngarep
lawang. 10 He para sadulur, padha nulada
panandhange sangsara sarta kasabarane para
nabi, kang wis padha medharake pangandika
atas asmane Pangeran. 11 Sajatine kita padha

ngarani rahayu wong kang padha sabar mantep iku; kowe wus padha krungu bab sabar mantepe Rama Ayub, sarta wis padha sumurup apa kang ing wekasane kacawisake dening Pangeran kagem panjenengane, amarga Pangeran iku gedhe sih-palimirmane sarta welasan.

Supata lan pandonga

5:12-20

12 Nanging para sadulur, kang dhisik poma aja supata; dadia demi swarga dadia demi bumi utawa sadhengaha supata liyane. Manawa iya, kandhaa iya, yen ora, kandhaa ora, supaya kowe ora kena ing paukuman.
13 Manawa ana panunggalanmu kang nandhang sangsara, iku ndedongaa! Manawa ana kang seneng atine, iku ngidunga!
14 Manawa ana panunggalanmu kang lara, luwih becik iku ngaturi para pinituwane pasamuwan, supaya padha ndongakake dheweke sarta ngusapi lenga atas asmane
Gusti. 15 Sarta pandonga kang metu saka pracaya iku bakal nylametake kang lara iku, lan bakal ditangekakake dening Gusti; sarta manawa wong iku wis nglakoni dosa,
dosane iku bakal diapura. 16 Kang iku padha akon-ingakonana dosamu sarta padha donga-dinongakna supaya kowe padha waluya. Pandongane wong mursid, kang kaaturake kalawan kayakinan iku gedhe banget dayane.
17 Nabi Elia iku manungsa lumrah kaya kita,

sarta panjenengane wis ngunjukake pandonga
kalawan temen-temen, supaya aja ana udan,
sarta ing bumi iya ora ana udan nganti telung
taun nem sasi. [18] Nuli ndedonga maneh sarta
langit banjur nurunake udan lan bumi banjur
metokake woh.

[19] He para sadulur, manawa panunggalanmu
ana kang nyimpang saka ing kayekten
sarta ana wong kang njalari mratobate,
[20] sumurupa, sapa kang mbalekake wong dosa
saka lakune kang nasar, iku bakal ngentasake
nyawane saka ing pati sarta nutupi dosa akeh.

1 PETRUS

Salam

1:1-2

1 [1] Saka Petrus rasule Gusti Yesus Kristus,
marang kang padha neneka kang sumebar
ana ing tanah Pontus, Galati, Kapadhokia,
Asia-Cilik lan Bitinia, [2] yaiku para pepilihan
miturut ing rancanganing Allah, Rama
kita sarta kang kasucekake dening Roh,
supaya padha mituhua marang Fusti Yesus
Kristus lan nampanana kepyuraning rahe.
Sih-rahmat lan tentrem-rahayu anaa ing kowe
mawantu-wantu.

Pangarep-arep, pracaya lan katresnan

1:3-12

[3] Pinujia Gusti Allah Ramane Gusti kita
Yesus Kristus, kang marga saka gunging sih-
palimirmane wis nglairake kita maneh tumuju
marang urip kang kebak ing pangarep-arep
lumantar wungune Gusti Yesus Kristus saka
ing antarane wong mati, [4] supaya kia padha
tampa warisan kang ora bisa rusak, ora cacad
sarta ora bisa alum, kang kasimpen ana ing
swarga tumrap kowe kabeh. [5] Yaiku, kowe
kang padha kareksa dening panguwaosing
Allah marga saka pracayamu sajrone kow

padha nganti-anti marang karahayon kang
wis cumawis lan kang bakal kawedharake
ing jaman wekasan. 6 Jalaran saka iku padha
bungah-bungaha, sanadyan ing wektu iki
padha nandhang prihatin sawatara mangsa
marga saka anane godha-rencana warna-
warna. 7 Pamrihe supaya katona murnine
pracayamu kang ajine banget ngungkuli emas
kang bisa rusak kang kauji murnine srana
geni, temahan kowe padha oleh pangalembana
sarta kamulyan lan kaurmatan besuk ing dina
kababare Gusti Yesus Kristus. 8 Panjenengane
kang koktresnani sanadyan ora tau kokdeleng
sarta kokpracaya sanadyan saiki ora koksipati:
Kowe padha sukarena, marga saka anane
kabungahan kang mulya lan kang ora kena
kinira-kira, 9 amarga kowe wis padha bisa
ngranggeh gegayuhane pracayamu, yaiku
karahayoning nyawamu. 10 Iya karahayon iku
kang wis dititi-priksa sarta ditliti dening para
nabi kang padha meca bab sih-rahmat kang
kagadhangake marang kowe. 11 Dene para
nabi iku padha niti-priksa: jaman apa sarta
kapriye karsane Rohe Sang Kristus, kang
ana ing batine, yaiku Roh kang sadurunge
paring paseksen bab sakehing kasangsaran
kang bakal tumempuh marang Sang Kristus
sata bab sakehing kamulyan ing sawise iku.
12 Para nabi iku wis padha dijarwani, yen ora
padha ngladeni sarirane piyambak, nanging
kowe kang padha diladeni samubarang, kang
saiki wis kawartakake marang kowe dening
wong-wong kang marga saka pakaryane Sang

Roh Suci, kang wis kautus saka ing swarga,
padha nggelarake Injil marang kowe kabeh,
yaiku bab-bab kang dalasan para malaekat
kapengin maspadakake.

Kasucen sarta katresnaning pasaduluran

1:13-25

13 Mulane cawisna akal-budimu sarta sing
waspada, apadene sakehing pangarep-arepmu
dhasarna ing sih-rahmat kang kaparingake
marang kowe ing wektu kababare Gusti
Yesus Kristus. 14 Uripmu dikaya bocah kang
mbangun-turut, aja nuruti hawa-nepsu
kang misesa kowe nalika kowe isih padha
bodho. 15 Nanging kowe padha dadia suci
ing satindaking uripmu kabeh kayadene
Panjenengane kang suci, kang wis nimbali
kowe, 16 sabab ana tulisan mangkene: Sira
padha dadia suci, jalaran Ingsun iki suci.
17 Sarta manawa kowe padha nyebut
Panjenengane Rama, yaiku kang ngadili
kabeh wong manut panggawene tanpa pilih
kasih, uripmu kalawan wedi-asih sajrone
kowe mondhok ing donya iki. 18 Sabab kowe
padha sumurup, yen anggonmu katebus saka
kalakuanmu kang tanpa guna, kang kokwarisi
saka para leluhurmu, iku ora srana barang
kang bisa rusak, uga ora kalawan salaka
utawa emas, 19 nanging srana getih kang
akeh ajine, yaiku rahe Gusti Yesus Kristus
kang padha kaya getihing cempe kang tanpa
cacad lan tanpa blentong. 20 Panjenengane

iku wus pinilih sadurunge jagad tinalesan,
nanging marga saka kowe Panjenengane
lagi mbabarake sarirane, besuk ing jaman
wekasan. 21 Marga saka Panjenengane, kowe
padha pracaya marang Gusti Allah, yaiku
kang wis mungokake Panjenengane saka ing
antarane wong mati sarta kang wis maringi
kaluhuran marang Panjenengane, temahan
pracayamu lan pangarep-arepmu tumuju
marang Gusti Allah.
22 Sarehne kowe wus nucekake nyawamu
sarana pambangun-turut marang kayekten,
satemah padha bisa nindakake katresnan
ing pasaduluran kang tanpa lamis, mulane
padha mempenga anggonmu tresna-tinresnan
kanthi gumolonging atimu. 23 Jalaran kowe
wus padha kalairake maneh ora saka wiji kang
bisa sirna, nanging kanglanggeng, dening
pangandikaning Allah kang gesang lan kang
langgeng. 24 Sabab:

“Sakehing daging iku kaya suket
sarta kabeh kaluhurane iku kaya kembanging suket,
sukete dadi garing,
lan kembange padha gogrog,
25 nanging pangandikane Pangeran iku tetep salawas-lawase.”

Iya iku pangandika kang wis kawartakake
marang kowe dening Injil.

Gusti Yesus Kristus tetalesing pasamuwan

2:1-10

2 [1] Marga saka iku padha mbirata sakehing
piala sarta sarupane para-cidra, sarta lamis
lan drengki, apadene sakehing pamitenah.
[2] Dikaya bayi kang nembe lair, kang tansah
kapengin marang banyu susukang murni
kang asipat rohani, supaya marga saka iku
padha lestria tuwuhmu ing bab karahayon,
[3] manawa kowe nyata wis padha ngrasakake
sih-kadarmaning Allah. [4] Padha sowana ing
Panjenengane kang minangka watu kang urip
iku, kang pancen ditampik dening manungsa,
nanging kang pinilih lan aji ana ing ngarsaning
Allah. [5] sarta kowe dhewe iya padha dikaya
watu urip, kang dianggo mbangun padaleman
kasukman minangka kaimaman kang suci,
kang nyaosake pisungsung kasukman kang
katrimah ing Allah marga dening Gusti Yesus
Kristus. [6] Sabab ana tulisan sajrone Kitab Suci
mangkene:

"Sajatine, Ingsun wus masang watu pepilihan
ana ing Sion, sawijining watu pojokan
kang aji,
dene sapa wong kang kumandel marang iku
bakal ora kawirangan."

[7] Wondene anggone kasebut aji iku tumraping
kowe kang padha pracaya. Nanging tumrap
kang padha ora pracaya:

"Watu kang ditampik dening para juru gawe
omah,

iku wus dadi watu pojokan, apadene iya wus
dadi watu sandhungan
lan parang patanggoran.”
8 Anggone padha kasandhung iku marga ora
mituhu marang pangandikaning Allah; sarta
wong-wong iku kacadhangake tumrap bab iku.
9 Balik kowe iku bangsa kang pinilih,
kaimaman kaprabon, bangsa kang suci, umat
kagungane Gusti Allah pribadi, supaya kowe
padha martakake kautamane Panjenengane,
kang wus nimbali kowe saka pepeteng marang
ing pepadhange kang ngeram-eramake.
10 Kowe, kang maune dudu umate Gusti
Allah,
nanging saiki wus dadi umate,
sing maune ora padha diwelasi,
nanging saiki wus tampa kawelasan.

Pepenget supaya dadi abdining Allah

2:11-17

11 He, para kekasih, kowe kang kaya
wong mondhok lan wong neneka, padha
dakpituturi supaya padha ngedohana
kapencuting daging kang padha perang
nglawan nyawamu.
12 Dibecik uripmu ana
ing satengahe bangsa-bangsa kang dudu
bangsa Yahudi supaya manawa padha mitenah
marang kowe, kowe diarani durjana, padha
nyumurupi panggawemu kang utama sarta
ngluhurake Gusti Allah ing dina rawuhe nuweni
wong-wong mau.

[13] Kang iku padha sumuyuda, marang sadhengah yeyasaning manungsa marga saka Gusti Allah, dadia marang raja kang kagungan panguwaos kang dhuwur dhewe,
[14] iya marang para wakile kang kadhawuhan ngukum wong kang nindakake piala sarta ngalembana wong kang gawe becik.
[15] Sabab iku kang dadi karsane Gusti Allah, yaiku supaya kowe srana panggawe becik mbungkem cangkeme wong bodho kang kurang kawruhe iku.
[16] Uripmu dikaya wong mardika, aja kaya wong kang nylewengake kamardikane iku kanggo nutupi pialane, nanging dikaya abdining Allah.
[17] Padha ngajenana wong kabeh, sadulur-sadulurmu padha tresnanana. Duwea wedi-asih marang Gusti Allah, ngurmatana Sang Nata Agung!

Kasangsarane Gusti Yesus Kristus minangka tuladha

2:18-25

[18] Kowe para batur; padha sumuyuda kanthi kebak pakering marang bendaramu, ora mung marang kang becik lan grapyak bae, nanging uga marang kang kereng.
[19] Jalaran, manawa wong rumangsa kakarsakake dening Allah nandhang sangsara, kang ora samesthine kasandhang, iku sih-rahmat.
[20] Sabab, manawa kowe digebugi marga tindakmu kang ala, apa iku kena kaalembana? Nanging manawa kowe tumindak becik sarta marga saka mangkono kowe nandhang sangsara,

iku sih-rahmat ana ing ngarsane Gusti
Allah. 21 Jalaran iya tumrap kang mangkono
iku anggonmu katimbalan, marga Gusti
Yesus Kristus iya wis nandhang sangsara
kanggo kowe sarta wis nilari tuladha marang
kowe, supaya kowe uga tumindak kaya
Panjenengane.

22 Panjenengane iku kang ora gawe dosa
sarta ing tutuke ora tinemu ana cidrane.

23 Nalika Panjenengane dipisuhi, ora
males misuh. Nalika nandhang sangsara
ora ngancam, nanging sumarah marang
Panjenengane kang ngadili kanthi adil.
24 Panjenengane piyambak wis ngrembat
dosa kita ing sarirane ana ing kayu salib,
supaya kita sawise mati pisah saka dosa,
padha urip cumadhang ing kayekten. Marga
saka bilur-bilure kowe wus padha rahayu.
25 Awitdene dhek biyen kowe padha kesasar
kaya wedhus, nanging saiki wis padha
bali marang pangon sarta pamomonging
nyawamu.

Kawajibane wong jejodhoan

3:1-7

3 1 Mangkono uga kowe para wong wadon,
padha sumuyuda marang bojomu, supaya
manawa ana wong lanang kang padha ora
mituhu ing pangandika, padha kagendenga
dening tingkah-lakune kang wadon tanpa
tetembungan, 2 manawa padha nyawang
ing tindakmu kang murni sarta mursid

iku. [3] Kang dadi pepaesmu aja cara lair,
yaiku sarana nglabang rambut, manganggo
mas-masan utawa kanthi manganggo
kang endah, [4] nanging pepaesmu iku yaiku
kamanungsaning batin kang ora katon kang
apepaes kang ora bisa rusak, kang asale
saka roh kang sareh, tentrem, kang pangaji
banget ana ing ngarsaning Allah. [5] Dene iya
kaya mangkono iku, biyen patrape para wong
wadon suci anggone manganggo, yaiku wong
wadon kang ngarep-arep marang Gusti Allah
sarta padha sumuyud marang bojone, [6] padha
kaya Ibu Sara anggone mituhu marang Rama
Abraham sarta disebut bendarane, dene
kowe iku padha dadi putrane, angger kowe
tumindak becik sarta ora wedi ing pangancam.
[7] Samono uga kowe, he, para wong lanang,
anggonmu jejodhoan nganggoa duga-duga
tumrap para wong wadon, awit iku golongan
kang luwih ringkih! Padha ajenana amarga
iku padha kanca ahli-warise sih-rahmating
kauripan, supaya pandongamu aja nganti
kaalangan.

Katresnan sarta katentreman

3:8-12

[8] Wasana kowe kabeh padha disaiyeg tunggal
rasa, tresna marang para sadulur, ambek
welasan, sarta andhap-asor. [9] Aja males
ala marang piala, utawa pepisuh marang
pepisuh, nanging kosok-baline, kowe padha
mberkahana, amarga anggonmu padha

katimbalan iku supaya tumindak mangkono,
satemah kowe padha oleh barkah. Sabab:

10 “Sing sapa arep nresnani urip
sarta ngalami dina-dina kang becik,
kudu mekak ilate, aja nganti kawetu kang ala
sarta mekak lambene tumrap tetembungan kang cidra.
11 Wong iku nyingkirana piala sarta nglakonana kabecikan;
wong iku kudu ngupaya katentreman sarta ngudi supaya bisa kagayuh.
12 Jalaran tingale Pangeran iku tumuju marang para wong mursid,
sarta talingane nilingake marang pasambating wong-wong kang nyuwun pitulungan, nanging wadanane Pangeran iku nglawan marang wong kang padha nglakoni piala.”

Sabar ing sajroning kasangsaran

3:13--4:6

13 Sarta sapa ta kang bakal nandukake
piala marang kowe, manawa kowe sregep
gawe becik? 14 Nanging sanadyan kowe
kudu nandhang sangsara marga saka
laku bener, kowe bakal rahayu. Aja wedi
marang apa kang padha diwedeni sarta
aja nganti giris. 15 Nanging padha nucekna
Gusti Yesus Kristus ing sajroning atimu
kayadene Pangeran! Sarta tansah padha
dhangana aweh panjawab marang angger

wong kang njaluk katrangan marang kowe
bab pangarep-arep kang dumunung ana ing
kowe, nanging diklawan alus lan andhap-asor,
16 sarta kalawan rumangsaning ati kang
resik, supaya wong kang padha mitenah
marang kowe, marga uripmu mursid ana ing
Gusti Kristus, iku padha kewirangan dene
padha tumindak mangkono. 17 jalaran luwih
becik nandhang sangsara marga tumindak
becik, manawa iku dikarsakake dening
Gusti Allah, katimbang nandhang sangsara
marga tumindak ala. 18 Sabab Gusti Yesus
Kristus uga wus nglampahi seda sapisan
marga dosa kita kabeh, Panjenengane kang
tanpa kaluputan kanggo wong-wong kang
kaluputan, supaya kita padha bisa kasowanake
marang ing ngarsaning Allah: Panjenengane
kasedanan mungguh ing kadagingan, nanging
kagesangake mungguh ing Roh, 19 sarta ing
sajroning Roh iku uga, Panjenengane tedhak
ngundhangake Injil marang para roh kang ana
ing pakunjaran, 20 yaiku marang roh-rohe para
wong kang ing biyen nalika jamane Nabi Nuh
padha ora mbangun-miturut marang Gusti
Allah, rikala Gusti Allah tetep ngantos-antos
kalawan sabar, ing kalane Nabi Nuh lagi
yasa prau, kang mung diungseni wong
sathithik, yaiku wong wolu, kang kapitulungan
bisa oncat saka ing banjir. 21 Samono uga
kowe saiki iya padha kapitulngan kalawan
ibarating lelakon mau, yaiku baptis, kang ora
ateges ngresiki reregeding badan, nanging
minangka panyuwun marang Gusti Allah

supaya kaparingana rumangsaning ati kang
becik, marga saka wungune Gusti Yesus
Kristus, 22 kang lenggah ing tengening Allah
sawise sumengka menyang ing swarga, sawise
sakehing malaekat, para panguwasa sarta para
pamisesa ditelukake marang Panjenengane.
4 1 Dadi sarehne Gusti Yesus Kristus wis
nglampahi sangsara kadagingan, mulane
kowe iya sikepa gegaman pikiran mangkono,
amarga sapa kang wis nandhang sangsara
kadagingan iku wis mareni anggone ngalakoni
dosa, 2 supaya wektu kang isi ana , aja
kokanggo nuruti kepencuting manungsa ,
nanging mituhu marang ing karsaning Allah.
3 Jalaran wus cukup suwene anggonmu
nindakake kekarepane wong kang ora wanuh
ing Allah. Kowe wis padha nuruti ubaling
hawa-nepsu warna-warna, pepenginan,
mendem, jibar-jibur, sarta nyembah brahala
kang ora kaparengake. 4 Marga saka iku kowe
padha digumuni, dene kowe padha ora melu
nyemplung ing blethokaning pamblasar iku
uga karo wong-wong iku temahan kowe banjur
padha dipitenah. 5 Nanging wong-wong iku
kudu padha ngunjukake panjawab marang
Panjenengane kang wis mirantos bakal ngadili
wong urip lan wong mati. 6 Awit iya iku prelune
dalah wong mati iya wis padha kaundhangan
Injil, supaya padha diadili ing kadagingane
kaya manungsa kabeh, nanging mungguh ing
roh bisa urip manut karsaning Allah.

Uripe wong Kristen

4:7-11

7 Kawusanane samubarang kabeh wis
cedhak. Marga saka iku dibisa ngemudheni
dhirimu sarta disareh, supaya kowe padha bisa
ndedonga. 8 Nanging kang prelu dhewe padha
mempenga anggonmu tresna-tinresnan,
jalaran katresnan iku nutupi dosa kang
akeh banget. 9 Sing padha seneng pondhok-
pinondhokan ora nganggo nggrundel. 10 Padha
laden-linadenana miturut ganjaran kang wus
kaparingake marang saben wong jalaran
anggone dadi juru-gedhonge sih-rahmating
Allah kang becik. 11 Manawa ana wong kang
pitutur, iku dikaya wong kang nglantarake
pangandikaning Allah; manawa ana wong
kang leladi, iku katindakna kanthi kakuwatan
peparinging Allah, supaya Gusti Allah
kaluhurna ing samubarang kabeh marga
saka Gusti Yesus Kristus. Panjenengane iku
kang kagungan kamulyan sarta panguwaos
langgeng salawas-lawase! Amin.

Sangsarane wong Kristen

4:12-19

12 He para kekasih, aja padha gumun marang
panasing geni siksan kang nekani kowe
minangka pandadaran, kaya-kaya ana bab
kang ora lumrah kang namani kowe. 13 Malah
padha bungaha, iku tampanana minangka

panduman ing bab sangsarane Gusti Kristus,
supaya kowe uga kepareng bungah sarta
sukarena besuk samangsa Panjenengane
mbabar kamulyane. 14 Rahayu kowe, manawa
kowe padha diwewada marga saka asmane
Gusti Kristus, amarga Rohing kamulyan yaiku
Rohing Allah dumunung ana ing kowe. 15 Aja
ana panunggalanmu kang nandhang sangsara
marga mateni wong, utawa dadi maling, utawa
wong ala, utawa wong dakwen. 16 Nanging
manawa nandhang sangsara marga dadi
wong Kristen, iku aja isin, malah ngluhurna
Gusti Allah atas asmane Gusti Kristus iku.
17 Jalaran saiki wis tumeka ing titi-mangsane
pangadilan kawiwitan lan bakal kawiwitan
saka ing padalemaning Allah. Mangka manawa
kawiwitan saka kita, kapriye bakal wekasane
wong kang padha ora pracaya marang Injiling
Allah? 18 Sarta manawa

wong mursid iku meh bae ora kaslametake,
wong duraka lan wong dosa iku bakal kapriye
kadadeane?

19 Kang iku para kang nandhang sangsara
marga saka karsaning Allah, iku padha
masrahna nyawane, kalawan tansah nglakoni
kabecikan, marang kang nitahake kang setya
tuhu.

Engonen para wedhuse Gusti Allah

5:1-11

5 1 Para pinituwa kang ana ing antaramu
iku dakpituturi, -- amarga aku iki dadi

kanca pinituwa sarta seksine sangsarane
Sang Kristus, kang iya bakal oleh panduman
kamulyan kang besuk bakal kawedharake
--: 2 Pepanthan mendane Gusti Allah kang
ana ing kowe iku enggonen, aja marga
kapeksa, nanging kalawan legawaning ati laras
karo karsaning Allah, sarta aja marga saka
kapengin oleh kauntungan, nanging kalawan
rasa leladi. 3 Kowe aja tumindak kaya-kaya
nguwasani pasamuwan reksanmu, nanging
dadia tuladha tumrap pepanthan iku. 4 Besuk
manawa Sang Pangon Agung rawuh, kowe
bakal padha nampani makuthaning kamulyan
kan ora bisa alum. 5 Samono uga kowe, heh
para wong anom, padha sumuyuda marang
para wong tuwa, sarta siji lan sijine sing padha
andhap-asor, amarga:

"Gusti Allah nglawan marang wong kang
kumalungkung, nanging paring
sih-rahmat marang wong kang
andhap-asor."

6 Kang iku padha mendhaka ing sangisore
astane Gusti Allah kang kuwat, supaya
kowe padha linuhurake ing mangsa kang
wis katemtokake. 7 Sakabehing sumelangmu
pasrahna marang Panjenengane, sabab
Panjenengane kang ngopeni kowe kabeh.
8 Padha diwaras ing budi sarta diprayitna,
jalaran mungsuhmu Iblis iku klinteran kaya
singa nggero-nggero ngupaya manungsa kang
kena dimangsa. 9 Tanggulangana kalawan
pracaya kang santosa, jalaran kowe padha
sumurup yen kabeh sadulrmu kang ana ing

saindenging jagad iya padha ketaman ing
sangsara kaya mangkono. 10 Dene Gusti
Allah sumbering sakehe sih-rahmat, kang
wis nimbali kowe kabeh ana in Sang Kristus
marang kamulyane kang langgeng, bakal
nyampurnakake, neguhake, nyantosakake
sarta ngukuhake kowe, sawise kowe padha
nandhang sangsara sawatara mangsa. 11 Iya
Panjenengane iku kang kagungan panguwaos
langgeng salawas-lawase! Amin.

Salam

5:12-14

12 Anggonku nulis cekak marang kowe iki
lumantar Silwanus, kang dakanggep sadulur
kang kena dipracaya, prelu ngelingake sarta
nyethakake, manawa iki sih-rahmate Gusti
Allah kang sanyata. Iku padha ugemana kang
temenan!
13 Sala marang kowe kabeh, saka sadulurmu
ing Babilon kang pilihan lan Markus anakku.
14 Padha sesalamana nganggo pangambunging
katresnan. Tentrem-rahayu anaa ing kowe
kabeh kang padha ana ing patunggilane Sang
Kristus. Amin.

2 PETRUS

Salam

1:1-2

1 1 Saka Simon Petrus, abdi sarta rasule
Gusti Yesus Kristus, marang kang padha
kaparingan pracaya nunggal karo aku kabeh,
marga dening kaadilaning Gusti Allah sarta
Pamarta kita Gusti Yesus Kristus. 2 Sih-rahmat
lan tentrem-rahayu ngluberana ing kowe
kabeh, marga saka anggonmu padha wanuh
marang Gusti Allah sarta marang Gusti Yesus,
Gusti kita.

Timbalan sarta pilihaning Allah

1:3-15

3 Marga saka panguwasane kaallahane, kita
wis padha kaparingan samubarang kang prelu
tumrap ing urip kang mursid, srana wanuh
marang Panjenengane kang wis nimbali kita
marga saka panguwaose kang mulya lan
ngeram-eramake. 4 Kalawan patrap mangkono
iku Panjenengane wis maringi marang kita
prasetya-prasetya kang adi sarta pinunjul,
supaya srana iku kowe padha bisa tunggal
kodrat kaallahan lan ora kena ing dayaning
hawa-nepsu kadonyan. 5 Iya marga saka
iku kowe padha kudu mempeng anggonmu

mbudidaya supaya pracayamu kawuwuhan
ing kautaman sarta kautamanmu kawuwuhan
ing kawruh, 6 tuwin kawruh kawuwuhan ing
pambudidaya ngemudheni dhiri, pambudidaya
ngemudheni dhiri kawuwuhan mugen, mugen
kawuwuhan mursid, 7 mursid kawuwuhan
tresna marang para sadulur, tresna marang
sadulur kawuwuhan tresna marang wong
kabeh. 8 Jalaran manawa kowe padha
kadunungan iku mau kabeh nganti luber, kowe
mesthi bakal dadi mempeng ing panggawe
sarta banjur metu wohe anggonmu wanuh
marang Gusti Yesus Kristus, Gusti kita
iku. 9 Nanging sing sapa ora kadnungan
iku mau kabeh, bakal dadi wuta sarta
cethek panemune, jalaran wis lali manawa
dosa-dosane kang dhisik wis dibirat.
10 Mulane para sadulur, tansaha mbudidaya
supaya saya kukuh anggonmu katimbalan
lan pinilih iku. Jalaran manawa nglakoni
mangkono, kowe bakal padha ora tau
kasandhung. 11 Kalawan mangkono iku, kowe
bakal kaparingan wewenang sakatoge lumebu
ing Kraton kang langgeng, yaiku Kratone Gusti
lan Pamarta kita Gusti Yesus Kristus.
12 Mulane aku tansah bakal ngelingake
kowe marang bab iku mau kabeh, sanadyan
kowe iya wis padha sumurup sarta wis
padha santosa ing sajrone kayekten kang
wus koktampani. 13 Sadurunge aku ninggal
tarubing badanku iki anggonku tansah
ngelingake kowe marang iku mau kabeh iku
dakanggep dadi kawajibanku. 14 Jalaran aku

sumurup, manawa aku bakal enggal ninggal
tarubing badanku iki, kayadene kang wis
kapangandikakake marang aku dening Gusti
Yesus Kristus, Gusti kita. 15 Nanging aku bakal
mbudidaya, supaya saungkurku kowe tansah
padha ngeling-eling marang prakara iku mau
kabeh.

Pameca bab kamulyane Sang Kristus wis kalakon

1:16-21

16 Jalaran anggonku padha nyumurupake
kowe bab panguwaos lan bakal rawuhe Gusti
kita, Gusti Yesus Kristus kang jumeneng ratu,
iku ora marga ngandel marang dongenge
wong kang ora nyata, nanging aku kabeh iki
padha dadi seksi ing bab kaluhurane. 17 Aku
padha nyipati anggone Panjenengane tampa
kaurmatan lan kamulyan saka Gusti Allah Sang
Rama, nalika katedhakan swara saka Kang
Mahaluhur, kang ngandika: “Iki PutraningSun
kekasih, kang ndadekake keparenging
panggalihingSun.” 18 Swara iku mau padha
dakrungu tumurun saka ing swarga, nalika
aku padha ndherek Panjenengane ana ing
gunung kang suci.

19 Marga saka iku aku padha saya
kasantosakake dening pangandika kang wis
kalirake dening para nabi. Saiba becike,
manawa kowe padha nggatekake bab iku,
kayadene nggatekake damar kang madhangi
panggonan kang peteng, nganti gagat raina

sarta jumedhule lintang panjer esuk kang
sumunar ana ing sajroning atimu. [20] Dene
kang prelu dhewe kang kudu koksumurupi,
yaiku manawa pamedhar-wangsit ing Kitab
Suci ora kena ditegesi manut kareping
manungsa dhewe, [21] jalaran ora tau ana
pamedhar-wangsit kang kawedharake saka
kareping manungsa, nanging marga saka
kawangsit dening Sang Roh Suci wongwong
banjur padha calathu atas asmaning Allah.

Nabi-nabi sarta guru-guru palsu

2:1-22

2 [1] Kayadene dhek biyen ing antarane
umate Gusti Allah ana kang ngaku-aku
nabi, mangkono ing antaramu iya bakal
ana kang ngaku-aku guru, kang padha
nylundupake piwulang-piwulang panasaran
kang nuntun marang karusakan, malah bakal
padha nyelaki Kang Kuwaos, kang wis nebus
wong-wong mau lan marga saka iku bakal
njalari karusakane dhewe. [2] Sarta akehwon
kang kelu ing pamblunthahe, tuwin marga
saka pokal-gawene iku Marganing Kayekten
bakal dicecamah. [3] Sarta marga saka srakahe,
guru-guru palsu iku bakal padha ngudi
golek kauntungan saka kowe kabeh kanthi
dongeng-dongenge kang ngayawara.
[4] Jalaran manawa Gusti Allah ora ngeman
marang malaekat kang padha gawe
dosa, nanging dicemplungake ing naraka,
kapasrahake marang guwa-guwa peteng

kanggo nyimpen nganti dinaning pangadilan;
5 sarta manawa Gusti Allah ora ngeman jagad
ing jaman purwa, nanging mung milujengake
Rama Nuh kang ngabarake kayekten karo
wong pitu liyane, nalika Panjenengane
ndhatengake banjir patopan kanggo jagade
para wong mblasar; 6 mangkono uga manawa
Gusti Allah nyirnakake kutha Sodom lan
Gomora kalawan geni minangka pepeling
marang wong kang ing tembe bakal padha
mblasar, 7 nanging Panjenengane ngentasake
Lut, kang mursid, lan tansah pegel atine
awit uripe wong-wong padha ora mreduli
marang angger-angger lan mung ansah nuruti
hawa-nepsune bae, 8 -- jalaran wong mursid
iku manggon ing satengahe wong-wong mau
sarta ing sadina-dina sumurup lan krungu
pratingkah-pratingkahe kang mblasar iku
satemah atine kang mursid iku kaya kasiksa --
9 dadi tetela, manawa Pangeran mirsa carane
ngentasake wong mursid saka ing godha
rencana sarta nyadhangake para wong duraka
marang ing dina pangadilan bakal kasiksa,
10 luwih maneh wong kang padha nuruti
hawa-nepsune marga kepencut ing jejember
sarta ngremehake pangrehing Allah.

Wong-wong iku padha kumawani sarta
gumunggung, nganti tanpa rikuh pakewuh
nyenyamah marang kaluhuran, 11 mangka para
malaekat dhewe, sanadyan luwih peng-pengan
sarta luwih kuwasa katimbang wong-wong
iku, anggone nggugatake wong-wong mau
ana ing ngarsaning Allah, padha ora nganggo

tembung nyenyamah. [12] Nanging wong-wong
iku padha bae karo kewan kang tinitahake
dadi kewan dekepan sarta banjur dipateni.
Wong-wong iku padha nyenyamah marang
kang ora disumurupi, temahan marga saka
panggawene kang duraka iki, bakal padha
nemoni karusakan dhewe kaya kewan alasan,
[13] sarta bakal ngalami nasib ala minangka
pituwasing durakane. Seneng-seneng saben
awan kaanggep sawijining kanikmatan. Padha
dadi jejember sarta blentong, kang mendem
ing sajroning nuruti hawa-nepsune, samasa
padha mangan ngombe bebarengan karo kowe
kabeh. [14] Mripate kebak isi pepenginan laku
bedhang, ora mari-mari anggone gawe dosa.
Wong-wong iku padha mbebujuk wong-wong
kang ringkih atine. Wateke wis kulina srakah.
Pancen dhasar wong kang padha kena ing
ipat-ipat! [15] Sarehne padha ninggal dalan kang
bener, banjur padha kesasar, ngenut dalane
Bileam anake Beor kang seneng tampa opah
tumrap panggawe-panggawe ala. [16] Nanging
Bileam kawelehake kalawan keras marga saka
tumindake kang ala iku, jalaran kuldi momotan
kang ora bisa guneman banjur calathu kaya
manungsa, sarta nyegah kabodhoane nabi iku.
[17] Guru-guru palsu iku kaya sumber kang
asat, kaya mega kang kabuncang ing prahara;
wong-wong iku wis padha kasadhiyanan
panggonan kang peteng ndhedhet lelimengan
kang nggegirisi banget. [18] Jalaran wong-wong
iku padha ngucapake tetembungan kang
gumunggung nanging kothong, sarta

migunakake hawa-nepsune kang tumuju ing
laku bedhang kanggo mbebujuk marang wong
kang lagi bae sumingkir saka ing wong-wong
kang kesasar uripe. [19] Padha njanjeni
kamardikan marang wong liya, mangka awake
dhewe padha dadi baturing karusakan. Jalaran
sing sapa katelukake dening wong, iku iya dadi
bature wong iku. [20] Sabab manawa wong-wong
mau marga saka anggone wis wanuh marang
Gusti sarta Juruwilujeng kita Gusti Yesus
Kristus, wis padha ngoncati ing jejembere
donya, mangka banjur kasrimped maneh ing
kono, iku wekasane alane ngluwihi sadurunge.
[21] Jalaran saka iku luwih becik padha ora tau
nyumurupi dalaning kayekten, katimbang karo
sawise sumurup banjur mungkur ninggal ing
pepakon suci kang wis kadhawuhake marang
wong-wong mau. [22] Kaanane wong-wong iku
nocogi unine paribasan kang bener mangkene,
"Asu mbaleni utah-utahane,
sarta babi kang wis adus bali maneh
menyang ing pagupakane."

Dina rawuhe Gusti

3:1-16

3 [1] He, para kekasih, iki wis layang kang
kapindho, kang daktulis marang kowe. Ana
ing layang loro iku aku mbudidaya nenangi
pangreten kang murni kalawan aweh pepeling-
pepeling, [2] supaya kowe padha ora lali marang
pangandika kang biyen wis kadhawuhake
dening para nabi kang suci, sarta marang

dhedhawuhane Gusti lan Sang Juruwilujeng
lumantar para rasulmu marang kowe kabeh.
3 Kang luwih dhisik kudu koksumurupi,
yaiku manawa besuk ing dina-dina wekasan
bakal ana juru-juru pamoyok kang jumedhul
memoyoki, yaiku wong kang lakune padha
nuruti hawa-nepsune, 4 sarta kang padha
duwe uni mangkene: “Endi prasetya bakal
rawuhe iku? Jalaran wiwit nalika ngajale para
leluhurkita samubarang kabeh ajeg bae kaya
nalika donya dititahake.” 5 Wong-wong iku
njarag ora kapengin weruh, manawa marga
saka sabdaning Allah wiwit biyen mula wis ana
langit sarta ana bumi, kang dumadine saka
banyu sarta srana banyu. 6 Mangka marga
saka banyu iku bumi kang biyen wis rusak
iku, kasirnakake dening patopan. 7 Nanging
dening pangandika iku mau uga, langit lan
bumi kang saiki kasingkirake saka ing geni lan
kasimpen tumeka ing dina pangadilan sarta
tumpese para wong mblasar. 8 Mung bae para
kekasih, kowe aja padha kelalen prakara siji
iki, yaiku yen ing ngatase Pangeran sadina
iku prasasat sewu taun sarta sewu taun
prasasat sadina. 9 Pangeran ora mblenjani
janjine, sanadyan ana sawenehing wong kang
ngarani mblenjani, nanging Panjenengane
nyabari kowe, sabab karsane aja nganti ana
wong kang nemu bilai, nanging supaya kabeh
wong padha bali sarta mratobat. 10 Nanging
bakal tekane dinaning Gusti iku patrape kaya
maling; ing dina iku langit bakal sirna kanthi
swara gumuruh nggegirisi sarta dhedhasaring

wujuding donya bakal lebur kaobong sarta
bumi lan kabeh kang ana ing kono bakal ilang
sirna. 11 Mulane manawa samubarang kabeh
iki bakal lebur kanthi patrap mangkono iku,
saiba gedhene kawajibanmu supaya uripmu
suci sarta mursid, 12 yaiku kowe kang padha
nganti-anti sarta nggelisake marang tekane
dinane Gusti Allah. Ing dina iku langit bakal
lebur, kamangsa ing geni sarta dhasar-dhasar
wujuding donya padha luluh kaobong.
13 Nanging laras karo prasetyane, kita padha
nganti-anti marang langit anyar sarta bumi
anyar kang kadunungan kayekten.
14 Mulane para kekasih, sajrone kowe
padha nganti-anti marang iku mau, padha
mbudidayaa supaya tinemu tanpa cacad sarta
tanpa blentong ana ing ngarsane kalawan
tentrem-rahayu. 15 Sarta kasabarane Gusti
kita anggepen minangka kalonggaran tumrap
kowe kabeh, supaya oleh karahayon, iya kaya
sadulur kita Paulus kang kinasih anggone
wis nulis layang marang kowe miturut
saka anggone kaparingan kawicaksanan.
16 Iku kaetrapake ana ing layange kabeh,
manawa ngrembug prakara-prakara iki.
Layang-layange iku isi bab-bab kang angel,
njalari wong-wong kang ora ngreti sarta ora
kukuh imane, njungkir-balikake prakara iku
mau, njalari karusakane dhewe, kayadene
anggone tumindak tumrap tulisan-tulisan
liyane.

Panutup

3:17-18

17 Nanging kowe kabeh, para kekasih,
sadurunge wis padha sumurup prakara iku.
Mulane dipadha waspada, supaya aja nganti
kelu ing panasarane wong murangsarak,
sarta aja kelangan gondhelanmu kang kukuh.
18 Malah padha mundhak-mundhaka ing
sih-rahmat sarta ing pangawruh marang
Gusti lan Sang Juruwilujeng kita, Gusti Yesus
Kristus. Panjenengane kang sayogya kagungan
kamulyan ing samengko nganti tumeka ing
salawas-lawase.

1 YOKANAN

Paseksene rasul bab Sabdaning kauripan

1:1-4

1 1 Kang wus ana ing wiwitan mula, kang
wus padha dakrungu, kang wus padha
dakdeleng kalawan mripatku, kang wus
dakwaspadakake, iya kang wus dakgrayang
kalawan tanganku bab ing ngatase Sabdaning
kauripan, yaiku kang dakwartakake marang
kowe! 2 Dene urip iku wus kababar lan wus
padha dakdeleng, dene saiki aku padha dadi
seksi sarta ngundhangake marang kowe
bab urip langgeng kang dumunung ana ing
Sang Rama lan kang wus kalairake marang
aku kabeh. 3 Kang wus padha dakdeleng lan
dakrungu iku mau iya dakwartakake marang
kowe, supaya kowe uga bisaa tetunggalan karo
aku kabeh. Lan anggonku padha tetunggalan
iku karo Sang Rama lan karo Sang Putra,
Gusti Yesus Kristus. 4 Dene anggonku nulis
bab iki mau kabeh marang kowe iku supaya
kabungahanku dadia sampurna.

Gusti Allah iku pepadhang

1:5-10

5 Anadene iki pawarta kang wus padha
dakrungu saka ing Panjenengane, kang

dakwartakake marang kowe: Gusti Allah iku
pepadhang lan Panjenengane ora kadunungan
pepeteng babar pisan. [6] Saupama kita padha
ngaku tetunggalan karo Panjenengane,
mangka laku kita ana ing pepeteng, dadi kita
goroh lan ora nglakoni ing kayekten. [7] Balik
manawa laku kita ana ing pepadhang kayadene
Panjenengane iya ana ing pepadhang, dadi
kita padha tetunggalan, sarta rahe Gusti Yesus
Kang Putra iku ngresiki kita saka sakehe dosa.
[8] Saupama kita padha ngaku ora duwe dosa,
dadi padha ngapusi awak kita dhewe lan ora
kadunungan kayekten. [9] Manawa kita padha
ngakoni dosa kita, Panjenengane iku setya
tuhu lan adil, temah bakal ngapura sakehing
dosa kita, sarta ngresiki sakehing piala kita.
[10] Saupama kita padha ngaku ora gawe dosa,
dadi padha nganggep Panjenengane dora,
sarta pangandikane ora dumunung ana ing
kita.

Sang Kristus Pantara kita

2:1-6

2 [1] He, anak-anakku, anggonku nulis bab
prakara iku marang kowe iku supaya kowe
aja padha gawe dosa. Ewadene manawa ana
kang gawe dosa, kita padha duwe Pantara
ana ing ngarsane Sang Rama, iya iku: Gusti
Yesus Kristus kang adil. [2] Lan Panjenengane
iku kang dadi pangruwate dosa kita, lan ora
ngemungake dosa kita bae, nanging malah iya
dosane wong sajagad kabeh.

3 Anggon kita wus padha wanuh Gusti Allah
iku titikane yaiku manawa kita padha netepi
ing pepakone. 4 Sing sapa duwe ujar: “Aku
wanuh karo Panjenengane,” mangka ora
netepi ing pepakone, iku wong goroh lan ora
kadunungan kayekten. 5 Balik sing sapa netepi
pangandikane, iku kang sanyata kadunungan
sihing Allah kang sampurna; iya iku margane
anggon kita padha sumurup, yen kita padha
dumunung ana ing Panjenengane. 6 Sing sapa
duwe ujar yen ana ing Panjenengane, iku
kawajiban nglarasake uripe kalawan sugenge
Sang Kristus.

Pepakon anyar

2:7-17

7 He, para kekasih, kang daktulis iki dudu
pepakon anyar, nanging pepakon lawas kang
wus ana ing kowe wiwit wiwitan mula Pepakon
kang lawas iku yaiku pangandika kang wus
padha kokrungu. 8 Ewasamono pepakon anyar
uga kang dakemot ing layangku marang kowe
iki, kang wus sanyata ana ing Panjenengane
lan ana ing kowe, amarga pepeteng iku
nedhenge sirna, lan pepadhang kang sajati
wus sumunar. 9 Sing sapa duwe ujar yen
dumunung ana ing pepadhang, mangka
sengit marang sadulure, iku isih dumunung
ana ing pepeteng kongsi saprene. 10 Sing
sapa tresna marang sadulure iku kang lestari
ana ing pepadhang, sarta ora kanggonan
sesandhungan. 11 Balik sing sapa sengit

marang sadulure, iku dumunung ana ing pepeteng, sarta urip ana ing pepeteng, wong iku ora weruh menyang ngendi parane, amarga mripate diwutakake dening pepeteng mau.

12 He, anak-anak, mulane aku nulis layang marang kowe, marga dosamu wus padha
kaapura marga saka Kang Asma.
13 He, para bapa, mulane aku nulis layang marang kowe, amarga kowe wus padha wanuh marang Panjenengane kang ing purwa mula wus ana. He, para wong anom, mulane aku nulis layang marang kowe, amarga kowe wus
padha ngalahake si pangawak dursila.
14 He, bocah-bocah, anggonku nulis layang marang kowe, amarga kowe wus padha wanuh karo Sang Rama. He, para bapa, aku nulis layang marang kowe, amarga kowe wus padha wanuh karo Panjenengane kang ing purwa mula wus ana. He, para wong anom, aku nuis layang marang kowe, amarga kowe padha santosa, sarta pangandikane Gusti Allah dumunung ana ing kowe, lan kowe wus padha ngalahake si pangawak dursila.

15 Kowe kabeh aja padha rumaket marang donya lan marang samubarang kang ana ing kono. Manawa wong rumaket marang donya, iku ora kadunungan katresnan marang
Sang Rama.
16 Sabab samubarang kang ana ing donya, iku pepenginaning daging lan pepenginaning mripat tuwin digunging ngaurip, iku ora saka Sang Rama, nanging
saka ing donya.
17 Anadene donya iki lan

kamelikane nedhenge sirna, nanging sapa
kang nglakoni karsane Gusti Allah iku tetep
urip ing salawas-lawase.

Anti-Kristus

2:18-27

18 He, bocah-bocah, iki wektu kang wekasan.
Lan kaya anggonmu wus padha krungu warta
yen si Anti-Kristus bakal teka, mangkono uga
ing samengko iya wus akeh Anti-Kristus kang
padha jumedhul. Kang mangkono iku dadi
pratandha yen iki nyata-nyata wektu kang
wekasan. 19 Asale Anti-Kristus iku pancen
saka ing antara kita, nanging sanyatane
padha dudu panunggalan kita; awit saupama
temen-temen dadia panunggalan kita, mesthi
padha tetep nunggal karo kita. Nanging
kelakone iku supaya tetelaa yen dheweke ora
kabeh nyata dadi panunggalan kita. 20 Balik
kowe iku wus padha kajebadan dening Kang
Suci, marga saka mangkono kowe padha
nyumurupi samubarang. 21 Anggonku nulis
layang marang kowe, iku ora marga kowe ora
sumurup ing kayekten, nanging malah marga
kowe sumurup marang bab iku lan marga
saka kowe wus padha nyumurupi uga, yen
sabarang kang goroh iku ora ana kang asale
saka ing kayekten.

22 Sapa ta si pangawak goroh iku? Apa
dudu kang nyelaki yen Gusti Yesus iku Sang
Kristus? Yaiku si Anti-Kristus, kang nyelaki
marang Sang Rama lan Sang Putra. 23 Amarga

wong kang nyelaki marang Sang Putra iku
iya ora nduweni Sang Rama. Kang ngakoni
marang Sang Putra, iya nduweni Sang Rama.
24 Anadene mungguh kowe iku, apa kang wus
padha kokrungu ing wiwitan mula, iku tetepa
ana ing kowe. Manawa apa kang wus kokrungu
ing wiwitan mula iku tetep dumunung ana
ing kowe, dadi kowe iya bakal padha tetep
ana ing Sang Putra lan ana ing Sang Rama.
25 Anadene prasetya kang diprasetyakake
dening Panjenengane piyambak marang kita
iya iku urip langgeng.
26 Kabeh iki anggonku nulis marang kowe bab
wong-wong kang sumedya nasarake kowe.
27 Sabab jebadan kang wus padha koktampani
saka Panjenengane iku tetep ana ing kowe.
Marga saka iku kowe ora prelu diwulang
dening wong liya. Nanging kayadene bab
anggone njebadi iku mulang marang kowe bab
samubarang -- lan piwulange iku nyata, ora
goroh -- lan kayadene anggone Panjenengane
biyen wus mulang marang kowe, mangkono
uga kowe padha tetepa ana ing Panjenengane.

Para putraning Allah

2:28--3:10

28 Anadene ing samengko, he, anak-anakku,
padha tetepa ana ing Panjenengane, supaya
samasa Panjenengane ngatingal, kita padha
tatag ing pracaya lan ora usah isin ana ing
ngarsane besuk ing dina rawuhe.
29 Manawa
kowe padha sumurup yen Panjenengane iku

sampurna, iya ngawruhana yen saben wong
kang nglakoni ing kasampurnan, iku laire saka
ing Panjenengane.

3

1 Kawruhana, sapira gedhene katresnan
kang diparingake dening Sang Rama
marang kita, nganti kita padha kasebut para
putraning Allah, lah kita pancen putraning
Allah. Mulane jagad ora wanuh marang
ktia, amarga jagad iku ora wanuh marang
Panjenengane. 2 He, para kekasih, saiki kita
padha dadi putraning Allah, ananging durung
cetha kapriye bakal kaanan kita ing tembe.
Mung bae kita padha sumurup, manawa
Sang Kristus ngatingal, kita bakal dadi padha
karo Panjenengane, amarga kita bakal padha
ndeleng kaanane Panjenengane ing sajatine.
3 Sok wonga kang duwe pangarep-arep
mangkono marang Panjenengane, iku mesthi
nucekakake awak, kayadene Panjenengane
kang asipat suci. 4 Sok wonga kang nglakoni
dosa, iku iya nerak angger-anggering Allah,
sabab dosa iku nerak angger-anggering Allah.
5 Lan kowe padha sumurup yen anggone
Panjenengane wus nglairake sarira iku prelu
mbirat sakehing dosa, sarta Panjenengane
iku ora kadunungan dosa. 6 Marga saka iku
sok wonga kang tetep ana ing Panjenengane,
iku ora gawe dosa maneh, sok wonga kang
tetep gawe dosa, iku ora weruh lan ora wanuh
marang Panjenengane.

7 He, anak-anakku, kowe aja gelem
disasarake dening sapa bae. Sapa kang
nindakake kayekten iku kadunungan

kayekten, padha kaya Panjenengane iya asipat
kayekten. 8 Sapa kang tetep tumindak dosa,
iku asale saka Iblis. Awitdene Iblis iku anggone
gawe dosa wus wiwit-wiwitan mula. Anggone
Putraning Allah nglairake sarira iku, iya prelu
nglebur panggawening Iblis iki.
9 Saben wong kang laire saka ing Allah, iku
ora nglakoni dosa maneh, amarga wijining
ka-Allahan tetep ana ing batine, lan ora bisa
gawe dosa, amarga laire saka ing Allah. 10 Iki
titikane para putraning Allah lan para anake
Iblis; sok wonga kang ora nindakake kayekten
iku asale ora saka ing Allah, mangkono uga
kang ora tresna marang sadulure.

Tresna marang sadulur dadi titikane urip anyar

3:11-18

11 Sabab iya iki pawarta kang wus padha
kokrungu wiwitan mula, iya iku supaya kita
padha tresna-tinresnanana. 12 Aja kaya Kain,
kang asale saka ing pangawak dursila sarta
mateni sadulure. Lan apa sababe anggone
mateni iku? Amarga sakabehing panggawene
ala, lan panggawene adhine becik. 13 He,
sadulur-sadulur, aja padha gumun manawa
jagad padha sengit marang kowe. 14 Kita padha
sumurup, yen kita wus padha ngalih saka ing
pati marang urip, iya iku marga kita padha
tresna marang para sadulur kita. Sapa kang
ora nresnani sadulure, iku tetep dumunung
ana ing pati. 15 Sok wonga kang sengit marang

sadulure iku dadi juru mateni wong. Lan
kowe padha sumurup, manawa ora ana juru
mateni kang tetep kadunungan urip langgeng.
16 Mungguh katresnane Sang Kristus iku wus
kita sumurupi, yaiku: manawa Panjenengane
wus masrahake nyawane kanggo kita, dadi
kita iya padha kawajiban masrahake nyawa
kita kanggo sadulur-sadulur kita. 17 Sapa
kang duwe bandha kadonyan, mangka weruh
sadulure kacingkrangan, ewadene nutup
lawanging atine tumrap marang sadulure mau,
kapriye bisane tetep kadunungan katresnaning
Allah? 18 He, anak-anakku, anggon kita padha
tresna iku aja mung kalawan tembung utawa
kalawan ilat bae, nanging dikanthenana
panggawe lan ing sajroning kayekten.

Kayakinan ana ing ngarsaning Allah

3:19-24

19 Mangkono iku anggon kita padha
nyumurupi, yen asal kita saka ing kayekten.
Mangkono uga ati kita bisa tentrem ana ing
ngarsane Gusti Allah. 20 Amarga manawa kita
padha kawelehake dening ati kita dhewe, Gusti
Allah iku ngluwihi ati kita sata nguningani
samubarang. 21 He, para kekasih, manawa
kita ora kawelehake dening ati kita, dadi
padha bisa sowan marang ing ngarsane Gusti
Allah kalawan tatag ing pracaya, 22 lan apa
bae kang kita suwun, kita padha diparingi,
amarga padha netepi sakehing pepakone sarta
nglakoni apa kang ndadekake keparenge.

23 Anadene pepakone iku yaiku: supaya
kita padha pracaya marang asmane Gusti
Yesus Kristus, Kang Putra, lan supaya padha
tresna-tinresnanana cocog karo pepakon kang
kadhawuhake dening Sang Kristus marang
kita. 24 Dene sapa kang netepi sakehing
pepakone, iku dumunung ana ing Allah,
lan Gusti Allah ana ing wong iku. Lan iya
mangkono iku anggon kita padha sumurup,
yen Gusti Allah dumunung ana ing kita, iya iku
Roh kang wus diparingake marang kita.

Rohing Allah lan rohing Anti-Kristus

4:1-6

4 1 Para kekasih, aja padha nggugu marang
angger roh, nanging roh-roh iku dadaren,
apa asale saka ing Gusti Allah. Amarga
akeh wong kang mindha-mindha nabi
kang jumedhul lan ndlajahi jagad kabeh.
2 Anggonmu padha niteni Roh Allah iku titikane
mangkene: Sadhengah roh kang ngakoni
manawa Gusti Yesus Kristus wus rawuh dadi
manungsa, iku asale saka ing Allah. 3 Lan
sadhengah roh kang ora ngakoni Gusti Yesus,
iku asale ora saka ing Gusti Allah. Roh iku
rohin Anti-Kristus, kang wus padha kokrungu
wartane yen bakal teka, lan samengko wus
ana ing jagad. 4 He, anak-anakku, kowe iku
padha saka ing Allah lan wus padha ngalahake
para wong kang padha mindha-mindha nabi
iku mau, amarga Roh kang dumunung ing
kowe iku ngungkuli roh kang dumunung

ana ing jagad. 5 Wong iku asale padha saka
ing jagad, mulane kang diucapake iku iya
prakara kadonyan, lan jagad iku ngrungokake
ing pituture. 6 Aku iki padha saka ing Allah;
wong kang wanuh marang Gusti Allah, iku
ngrungokake marang aku. Wong kang asale
ora saka ing Gusti Allah iku ora ngrungokake
marang aku. Iya mangkono iku titikane Roh
kayekten karo roh panasaran.

Allah iku katresnan

4:7-21

7 Para kekasih, payo kita padha tresna-
tinresnan, amarga katresnan iku pinangkane
saka ing Gusti Allah, lan sok wonga kang
nindakake katresnan, iku laire saka ing Gusti
Allah lan wanuh karo Gusti Allah. 8 Sapa kang
ora nindakake katresnan, iku ora wanuh karo
Gusti Allah, ujer Gusti Allah iku katresnan.
9 Sihe Gusti Allah iku kababarake ana ing
antara kita, iya iku dene Gusti Allah wus
ngutus Kang Putra ontang-anting ngrawuhi
jagad supaya kita padha urip marga dening
Panjenengane. 10 Katresnan iku mangkene:
Dudu kita kang wus padha tresna marang
Gusti Allah, nanging Gusti Allah kang wus
nresnani kita lan wus ngutus Kang Putra
minangka pangruwating dosa kita. 11 He, para
kekasih, sarehne nganti samono anggone
Gusti Allah ngasihi marang kita, dadine kita iki
iya padha kawajiban tresna-tinresnan. 12 Ora
ana wong kang tau ndeleng marang Gusti

Allah. Manawa kita padha tresna-tinresnan,
Gusti Allah tetep ana ing kita, lan sihe iku
sampurna ana ing kita.
13 Anggon kita sumurup yen kita padha tetep
ana ing Panjenengane, lan Panjenengane
ana ing kita, iya iku dene kita wus padha
kapanduman Rohe. 14 Anadene aku iki wus
padha ndeleng lan nekseni yen Sang Rama
wus ngutus Sang Putra dadi Pamartaning
jagad. 15 Kang iku sing sapa ngakoni yen Gusti
Yesus iku Putrane Gusti Allah, Gusti Allah
tetep ana ing wong iku, lan wong iku ana ing
Gusti Allah. 16 Kita iki wus padha nyumurupi
lan pracaya marang sihe Gusti Allah marang
kita. Gusti Allah iku katresnan, lan sapa kang
ngantepi ing katresnan, iku tetep ana ing Gusti
Allah, lan Gusti Allah ana ing wong iku.
17 Sihe Gusti Allah iku sampurna ana ing kita,
iya iku manawa kita padha tatag ing pracaya
besuk in dinane pangadilan, awit kita iya
ana ing donya kene kayadene Panjenengane.
18 Katresnan iku ora kadunungan rasa
wedi, katresnan kang sampurna iku malah
mbengkas rasa wedi, amarga wedi iku
ngandhut paukuman, lan wong kang wedi
iku ora sampurna katresnane. 19 Anggon kita
padha tresna iku, amarga Gusti Allah wus
ngasihi marang kita luwih dhisik. 20 Manawa
ana wong kang muni: “Aku tresna marang
Gusti Allah,” mangka sengit marang sadulure,
iku wong goroh. Awit wong kang ora tresna
marang sadulure kang kasat mripat, kapriye
anggone bisa tresna marang Gusti Allah kang

ora katon? 21 Karodene dhawuh timbalan iki
oleh kita iya saka Panjenengane: Sapa kang
tresna marang Gusti Allah, iku iya kudu tresna
marang sadulure uga.

Pracaya iku ngasorake donya

5:1-5

5 1 Sok wonga kang pracaya, manawa Gusti
Yesus iku Sang Kristus, iku laire saka
ing Gusti Allah, lan sok wonga kang tresna
marang kang mutrakake, iku iya tresna
marang kan diputrakake. 2 Anggon kita padha
nresnani para putraning Allah, iku titikane
yaiku manawa kita padha tresna marang
Gusti Allah lan netepi ing pepakone. 3 Amarga
katresnan marang Gusti Allah iku wujude
yaiku, yen kita padha netepi ing pepakone.
Pepakon-pepakone iku ora abot, 4 amarga
sadhengah apa kang laire saka ing Allah iku
ngalahake jagad. Anadene kaunggulan kang
ngalahake jagad iku yaiku pracaya kita. 5 Sapa
ta kang ngalahake jagad, kajaba wong kang
pracaya, manawa Gusti Yesus iku Putrane
Gusti Allah?

Paseksen bab Putraning Allah

5:6-12

6 Iya iki kang rawuhe sarana banyu lan
getih, yaiku Gusti Yesus Kristus, ora mung
kalawan banyu bae, nanging kalawan banyu
lan getih. Dene Roh iku kang paring paseksen,

amarga Roh iku kayekten. 7 Awit ana telu kang
padha jumeneng dadi seksi (ana ing swarga:
Sang Rama, Sang Sabda lan Roh Suci. Sarta
katelune iku dadi siji. 8 Lan uga ana telu kang
dadi seksi ana ing bumi). Roh, banyu lan getih
lan telu-telune iku padha dadi siji. 9 Manawa
kita padha nganggep marang paseksene
manungsa, paseksene Gusti Allah iku ngluwihi,
amarga iya mangkono iku paseksene Gusti
Allah, kang diparingake ing ngatase Kang
Putra. 10 Sapa kang pracaya marang Putraning
Allah, iku nduweni paseksen mangkono ana ing
batine. Sapa kang ora pracaya marang Gusti
Allah, iku dadine nganggep Panjenengane
dora, amarga ora ngandel marang paseksen
kang wus dilairake dening Gusti Allah bab
ing ngatase Kang Putra. 11 Anadene kang
dadi paseksene: Kita wus padha kaparingan
urip langgeng dening Gusti Allah, lan urip iku
dumunung ana ing Kang Putra. 12 Sapa kang
nduweni Sang Putra, iku nduweni urip. Sapa
kang ora nduweni Putraning Allah, iku ora
nduweni urip.

Kawruh bab urip langgeng

5:13-21

13 Anggonku nulis prakara iki mau kabeh
marang kowe iku, supaya kowe kang padha
pracaya marang asmane Putraning Allah
padha sumurupa, yen kowe kabeh iku padha
nduweni urip langgeng. 14 Anadene anggon
kita tatag ing pracaya marang Gusti Allah iku

jalaran manawa kita padha nyuwun apa-apa
marang Panjenengane, kang nyondhongi
ing karsane, mesthi disembadani. 15 Mangka
manawa kita padha sumurup yen Gusti Allah
nyembadani marang panyuwun kita tumrap
apa bae, dadine kita padha sumurup uga, yen
kita wus tampa apa kang kita suwun marang
Panjenengane.
16 Manawa ana wong kang weruh sadulure
nglakoni dosa, yaiku dosa kang ora nekakake
pati, iku ndedongaa marang Gusti Allah,
temah Panjenengane bakal maringi urip
marang dheweke, yaiku kang padha gawe
dosa kang ora nekakake pati. Ana dosa kang
nekakake pati: yen tumrap iku, aku ora akon
ndongakake. 17 Sakabehing piala iku dosa,
nanging ana dosa kang ora nekakake pati.
18 Kita sumurup, yen sok wonga kang laire
saka ing Allah iku ora gawe dosa, nanging
malah kaayoman dening Panjenengane, kang
miyos saka ing Allah, temah ora bisa kagepok
dening si pangawak dursila. 19 Kita sumurup,
yen asal kita saka ing Allah, lan sajagad kabeh
kawengku ing pangawak dursila. 20 Nanging
kita padha sumurup, yen Putraning Allah wus
rawuh sarta wus maringi pangreten marang
kita, supaya kita padha wanuh marang Kang
Sajati. Lan kita dumunung ana ing Kang
Sajati, ana ing patunggilane Kang Putra Gusti
Yesus Kristus, Panjenengane iku Allah Sajati
lan gesang kang langgeng.
21 He, anak-anakku, sing padha waspada
marang sakehe brahala.

2 YOKANAN

Salam

1-3

1 [1] Saka pinituwa tumekaa marang ibu kang
pinilih lan anak-anake kang padha banget
daktresnani, lan ora ngemungake aku bae
kang nresnani kowe kabeh, nanging dalah
sakehe wong kang wus padha ngawruhi ing
kayekten, [2] marga saka kayekten kang tetep
dumunung ana ing kita lan bakal nunggal karo
kita nganti salawas-lawase. [3] Sih-palimirma,
rahmat lan tentrem-rahayu bakal nunggal
kalawan kita saka Gusti Allah Sang Rama lan
Saka Gusti Yesus Kristus, Putrane Sang Rama,
sajroning kayekten lan katresnan.

Pepeling supaya ngantepi piwulange Sang Kristus

4-11

[4] Banget bungahing atiku dene aku
nyumurupi, manawa saparoning anak-anakmu
padha urip ana ing sajroning kayekten, cocog
karo pepakon kang wus kita tampani saka
Sang Rama. [5] Dene ing samengko panjalukku
marang kowe, ibu, -- ora kok kaya-kaya aku
nulis pepakon anyar marang kowe, nanging
miturut pepakon kang wus kita duweni

wiwit-wiwitan mula -- supaya kita padha
tresna-tinresnanana. 6 Dene katresnan iku
yaiku: urip kita kudu manut ing pepakone.
Dene pepakon iku yaiku, kaya anggonmu wus
padha krungu ing wiwitan mula, supaya kowe
padha urip ana ing sajroning katresnan.
7 Awit wus akeh juru panasaran kang padha
jumedhul lan ndlajahi jagad kabeh, kang
ora ngakoni manawa Gusti Yesus wus rawuh
dadi manungsa. Iku si juru panasaran lan
Anti-Kristus. 8 Padha diwaspada, supaya kowe
aja nganti kelangan apa kang wus padha
dakgarap, nanging supaya genepa anggonmu
padha nampani ganjaran. 9 Sok wonga kang
ora ngantepi ing piwulange Sang Kristus,
nanging nyimpang saka iku, iku ora nduweni
Gusti Allah. Sok wonga kang ngantepi ing
piwulang iku nduweni Sang Rama lan Sang
Putra pisan. 10 Manawa kowe padha katekanan
wong kang ora nggawa piwulang iki, iku aja
koktampani ana ing omahmu, lan aja kokuluki
salam. 11 Awitdene sapa akng nguluki salam
wong iku, iku kalepetan ing panggawene ala.

Panutup

12-13

12 Sanadyan akeh kang prelu daktulis ing layang marang kowe iki, mung bae karepku aja lantaran dluwang lan mangsi, nanging pangarep-arepku bakal nekani kowe, banjur rerasanan adu arep karo kowe kabeh, supaya bungah kita bisa katog.

13 Salam saka anak-anake sadulurmu kang
pinilih marang kowe kabeh.

3 YOKANAN

Salam

1-4

1 [1] Saka pinituwa tumekaa marang Gayus
kang kekasih, kang daktresnani ing
sajroning kayekten.
[2] He kekasihku, pandongaku muga kowe
ginanjara slamet lan bagas kawarasan ing
sakabehe, dikaya nyawamu iya slamet.
[3] Awit aku bungah banget nalika ana sadulur
sawatara teka, nekseni ing bab anggonmu
duwe laku manut ing kayekten, sabab lakumu
pancen manut ing kayekten. [4] Tumrape aku
ora ana kabungahan kang gedhene ngluwihi
anggonku krungu, manawa anak-anakku
padha urip ana ing kayekten.

Tulung-tinulung lan cecongkrahan

5-12

[5] He, sadulurku kang kekasih, kowe tumindak
ngetrepi anggonmu dadi wong pracaya,
samangsa kowe nindakake samubarang
tumrap para sadulur, sanadyan iku padha
wong liya bangsa. [6] Wong-wong iku ana ing
ngarepe pasamuwan wus padha nekseni
ing bab katresnanmu. Becik temenan
panggawemu marang wong iku, manawa

padha koktulungi lakune, kanthi patrap kang
ndadekakake keparenge Gusti Allah. 7 Awit
anggone padha lelungan iku marga saka Kang
Asma ora nganggo nampani apa-apa saka
wong-wong kang ora wanuh marang Gusti
Allah. 8 Kang iku kita iki padha kawajiban
nampani wong-wong kang kaya mangkono
iku, supaya kita padha dadia rewang ing gawe
kang lumadi marang ing kayekten.
9 Aku wus nulis sathithik ana ing layangku
marang pasamuwan, nanging Dhiotrefes,
kang ngarah dadi pangarep ana ing antarane,
iku ora maelu marang aku. 10 Mulane besuk
satekaku bakal dakwelehake kang dadi
panggawene, anggone crewet ngala-ala kanthi
tembung-tembung kang kasar marang aku
kabeh, lan ora trima mangkono bae, malah
nganti dheweke dhewe ora mung ora gelem
nampani marang para sadulur kang teka bae,
nanging sapa kang arep nampani wong-wong
mau padha dicegah, sarta disebratake saka
ing pasamuwan.
11 He, sadulurku kang kekasih, aja nulad
marang kang ala, nanging nulada kang becik.
Sapa kang gawe becik, iku asale saka Allah,
nanging sapa kang gawe ala, iku ora tau weruh
marang Allah. 12 Dhemetrius wus disekseni
becik dening wong kabeh, malah kaseksenan
dening kayekten dhewe. Lan maneh aku
kabeh iya padha aweh paseksen becik tumrap
dheweke, lan kowe weruh, yen paseksenku
iku nyata.

Panutup

13-15

[13] Akeh pitutur kang kudu daktulis ing
layangku marang kowe, nanging aku ora
gelem nulis nganggo mangsi lan pen.
[14] Pangarep-arepku enggal bakal nemoni
kowe, lan padha rerasanan adu arep. (1-15)
Tentrem-rahayu anaa ing kowe. Salam saka
para mitramu. Salam pandongaku marang
sawiji-wjine para mitra.

YUDAS

Salam

1-2

1 [1] Saka Yudas, abdine Gusti Yesus Kristus
sarta sadulure Yakobus, marang para kang
katimbalan, kang kinasih ana ing Allah Sang
Rama sarta kang padha sinengker kagem Gusti
Yesus Kristus. [2] Rahmat lan tentrem-rahayu
apadene sih ngluberana kowe kabeh.

Paukuman tumrap para juru panasaran

3-16

[3] He para kekasih, sarehne banget anggonku
mbudidaya nulis layang marang kowe bab
karahayon kita kabeh, mulane aku rumangsa
kadereng nulis iki lan mituturi kowe, supaya
padha tetepa perang mbelani iman kang wis
kapasrahake marang para suci. [4] Amarga
ana sawenehing wong kang padha nlusup
ing satengahmu, yaiku wong kang wis suwe
padha pinesthekake bakal kaukum: para wong
duraka kang migunakake sih-rahmate Allah
kita kanggo mblunthah, sarta kang nyelaki
marang Panguwasa Tunggal lan Gusti kita,
Gusti Yesus Kristus.

[5] Nanging sanadyan kowe wis padha ngreti
sarta ora mangu-mangu tumrap iku kabeh,

aku kapengin ngelingake kowe, manawa
Pangeran iku pancen ngentasake umat
kagungane saka ing tanah Mesir, nanging
sabanjure numpes kang padha ora pracaya.
6 Anadene Panjenengane nahan malaekat
kang ora padha netepi wates-watesing
panguwasane, nanging padha ninggal papan
padunungane, srana blenggu kang langgeng
ana ing pepeteng nganti tekaning pangadilan
ing dina gedhe, 7 iya kayadene Sodom lan
Gomora sarta kutha-kutha ing saubenge,
kang carane laku jina padha kaya mangkono
iku sarta padha mburu kamareman kang
ora lumrah, anggone wus padha kasiksa ing
geni langgeng, minangka pepeling tumrap
sakabehing manungsa.
8 Ewadene wong kang padha ngimpi-impi
kaya mangkono iku njemberake badane
sarta ngremehake panguwasaning Allah sarta
nyenyamah sakehing kamulyan. 9 Nanging
Sang Mikhael, panggedhening para malaekat,
nalika padudon karo Iblis bab layone
Nabi Musa, ora wani ngetrapake tembung
panyenyamah, mung ngucap mangkene,
"Kowe muga didukanana dening Pangeran
10 Mangka wong-wong iku padha nyenyamah
marang kang ora disumurupi malah kang
disumurupi saka watake dhewe, kaya patrape
kewan kang tanpa budi, iku kang njalari
karusakane. 11 Bilai wong-wong iku, sabab
padha mulad lakune Kain lan nyemplung
ing panasarane Bileam, marga saka mburu
opah, sarta padha tumpes, marga saka

anggone mbalela kayadene Korakh. 12 Wong
iku padha dadi blentong ana ing bujananing
katresnanmu, samangsa melu kepungan,
ora duwe isin, melu mbruwah mburu enake
dhewe. Wong iku padha kaya mega kan tanpa
banyu kang kabur katut ing angin; prasasat
wit-witan kang ora metokake woh ing mangsa
gogrog godhonge, kaya wit-witan kang sol
saoyod-oyode sarta kang mati kaping pindho.
13 Prasasat ombaking sagara kang mawalikan,
kang ngunthukake kanisthane dhewe, padha
kaya lintang-lintang kang wus kacawisan
panggonan ana in jagading pepeteng langgeng
salawase.
14 Mungguh ing wong-wong iku, iya wis ana
pamecane Sang Henokh, turun kang kapitu
saka Bapa Adam, wiraose: "Lah Pangeran
rawuh ginarebeg ing abdine para suci puluhan
ewu 15 karsa nindakake pangadilan tumrap
wong kabeh, sarta matrapi paukuman
marang sakehing pratingkah mblasar kang
padha dilakoni, sarta jalaran saka sakehing
tembung kang nistha, kan diucapake
dening para wong dosa kang mblasar iku
marang Pangeran." 16 Iku wong kang padha
grundelan lan ora nrima ing pepesthen,
urip nuruti hawa-nepsu, nanging cangkeme
padha ngucapake tembung-tembung kang
ngayawara, ngonggrong wong, supaya oleh
kauntungan.

Pepeling kanggo nyantosakake pracaya

17-23

[17] Nanging kowe iku, para kekasih, padha
elinga marang pangandika kang dhek biyen
wis kawedharake marang kowe kabeh
dening para rasule Gusti Yesus Kristus.
[18] Jalaran kowe wis padha dipangandikani:
"Besuk ngarepake jaman wekasan bakal ana
juru pamoyok, kang lakune padha nguja
hawa-nepsune kang mblasar." [19] Wong iku
kang padha njalari cecongkrahan, kang mung
dikuwasani dening pepenginan-pepenginan
ing donya iki, lan uripe ora kadunungan Roh
Suci. [20] Nanging kowe para kekasih, padha
mbanguna awakmu dhewe, kadhasarana
pracayamu kang suci pinunjul, sarta
ndedongaa ana ing patunggilane Sang Roh
Suci. [21] Padha rumeksaa marang awakmu
dhewe mangkono, ana ing sajroning sihe
Gusti Allah, kalawan nganti-anti marang
sih-rahmate Gusti kita Yesus Kristus, tmuju
ing urip langgeng. [22] Welasana wong-wong
kang isih mangu-mangu. [23] Wong iku padha
entasna srana karebut saka ing geni. Nanging
ketokna welas-asihmu kakanthenan wedi, uga
marang wong liya, sarta padha sengita marang
sandhangane wong-wong kang kajemberake
dening pepenginan-pepenginaning daging.

Panutup

24-25

24 Panjenengane kang kuwasa ngreksa marang kowe kabeh, supaya padha ora kesandhung sarta mrenahake kowe kalawan tanpa cacad ana ing ngarsaning kamulyane kanthi sukarena.
25 Gusti Allah kang sawiji, Pamarta kita, marga dening Gusti Yesus Kristus Gusti kita, iku kang sayogya kagungan kamulyan, kaluhuran, kasantosan sarta panguwaos, sadurunge dumadine jaman lan saiki sarta nganti salawase. Amin.

WAHYU

Purwaka

1:1-3

1 [1] Iki wahyune Gusti Yesus Kristus, kang
kaparingake dening Gusti Allah marang
Panjenengane, supaya katedahake marang
para abdine bab apa kang pinasthi bakal
enggal kalakon. Sarta Panjenengane wus
medharake bab iku marang Yokanan abdine,
lumantar malaekat utusane. [2] Yokanan wus
nekseni bab pangandikane Gusti Allah lan
bab paseksen kang kaparingake dening Gusti
Yesus Kristus, yaiku sabarang apa kang wus
dideleng. [3] Rahayu wong kang macakake lan
para wong kang ngrungokake pangandika
pamedhar wangsit iki sarta kang netepi apa
kang katulisan ing jerone, awit wektune wis
cedhak.

Salam marang pasamuwan pitu

1:4-8

[4] Saka Yokanan marang pasamuwan pepitu
kang ana ing tanah Asia-Cilik: Sih-rahmat lan
tentrem-rahayu anaa ing kowe kabeh, saka
Panjenengane, kang ana lan kang wus ana
sarta kang bakal rawuh, apadene saka roh
pepitu kang padha ana sangareping dhampar,

5 sarta maneh saka Gusti Yesus Kristus, Seksi
kang setya, kang dhisik dhewe wungu saka
ing antarane wong mati lan kang nguwaosi
sakehing ratu ing bumi iki.
Panjenengane, kang ngasihi kita lan kang
wus mbirat dosa kita kalawan rahe, -- 6 lan
kang wus ngangkat kita dadi sawijining
karajan, padha dadi imam sumaos marang
Gusti Allah, kang Rama, -- iya kagem
Panjenengane iku kamulyan lan panguwasa
nganti ing salawas-lawase. Amin.
7 Kawruhana, Panjenengane rawuh nitih
mega lan saben mripat bakal ndeleng
Panjenengane, dalah wong kang wus padha
nyubles Panjenengane. Sarta sakehing bangsa
ing salumahing bumi bakal sambat-sambat
marga saka Panjenengane. Iya, Amin.
8 "Ingsun iki Sang Alfa lan Sang Omega,
Pangandikane Gusti Allah kang ana, lan
kang wus ana, sarta kang bakal rawuh, kang
Mahakuwasa."

Kang dipirsani Rasul Yokanan ana ing Pulo Patmos

1:9-20

9 Aku, Yokanan, sadulur lan panunggalanmu
ing sajroning kasusahan, ing sajroning Karajan
sarta ing sajroning kamantepan nganti-anti
marang Gusti Yesus, lagi ana ing pulo kang
aran Patmos marga saka pangandikane Gusti
Allah lan paseksen kang kaparingake dening
Gusti Yesus. 10 Mbeneri ing dinane Gusti, aku

linimputan ing Roh lan aku krungu swara
seru ana ing buriku kaya unine kalasangka,
11 pangandikane: "Apa kang sira deleng,
iku tulisana ing kitab lan kirimna marang
pasamuwan pepitu iki: marang Efesus,
marang Smirna, marang Pergamus, marang
Tiatira, marang Sardhis, marang Filadhelfia lan
marang Laodhikia."
12 Aku tumuli noleh arep meruhi swara kang
mangandikani aku iku. Lan sawuse noleh,
sumurup ana padamaran mas pitu. 13 Sarta
ing tengah-tengahe padamaran pitu mau
ana kang madha warna Putraning Manungsa,
ngagem jubah kang dawane nganti klengsreh
tekan ing sampeyane, lan jajane apaningset
emas. 14 Mustaka lan remane putih kaya wulu
wedhus gembel, lan tingale kaya urubing geni.
15 Sampeyane kaya tembaga mengangah ing
sajroning prapen; swarane kaya gumrojoging
banyu akeh. 16 Astane kang tengen ngasta
lintang pitu sarta tutuke ngetokake pedhang
kang landhep kiwa-tengen, wedanane sumorot
sumelet kaya srengenge.
17 Nalika weruh Panjenengane, aku tumuli
ambruk ana ing ngarsaning sampeyane kaya
wong mati; nanging aku banjur ditumpangi
astane kang tengen, banjur ngandika, "Aja
wedi! Ingsun iki Kang Wiwitan lan Kang
Wekasan, 18 lan Kang Gesang, Ingsun wus
seda, nanging wruhanira, Ingsun gesang
nganti salawas-lawase apa maneh Ingsun
ngasta sakabehing kuncine pati lan kratone
pati. 19 Marga saka iku tulisana apa kang

wus sira deleng, iya kang kalakon ing
samengko tuwin kang bakal kalakon ing
tembe. [20] Mungguh wadine lintang pitu kang
sira deleng ana ing astaningSun tengen
lan padamaran mas pitu iku mangkene:
Lintang pitu ikumalaekate pasamuwan pitu lan
padamaran mas pitu iku pasamuwan pepitu."

Marang pasamuwan ing Efesus

2:1-7

2 [1] "Sira nulisa marang malaekate
pasamuwan ing Efesus: Iki pangandikane
kang ngasta lintang pepitu ing astane
tengen lan kang mlampah-mlampah ing
antarane padamaran mas pepitu iku. [2] Ingsun
ngudaneni sakehing panggawenira: iya
marang rekasanira iya marang kaantepanira.
Ingsun ngudaneni, manawa sira ora bisa
nyabari para wong duraka, lan manawa sira
wus ndadar wong-wong kang ngaku-aku rasul,
mangka ing sanyatane dudu, manawa sira
wus meruhi manawa iku padha tukang goroh.
[3] Apa maneh sira tetep sabar sarta nandhang
sangsara marga saka AsmaningSun; lan sira
ora tau ngrasa sayah. [4] Sanadyan mangkono
sira Ingsun waoni, dene sira wus ninggal
katresnanira kang kawitan. [5] Kang iku sira
elinga sapira jerone anggonira keplorod!
Mula mratobata sarta nglakonana kaya
panggawenira kang sakawit. Manawa ora
mangkono, Ingsun mesthi bakal ngrawuhi sira,
sarta Ingsun bakal mundhut padamaranira

saka ing panggonane, manawa sira ora
mratobat. 6 Nanging iki kang dumunung ing
sira, yaiku dene sira nyengiti panggawene para
panganute Nikolaus, kang uga Ingsun sengiti.
7 Sapa sing duwe kuping, ngrungokna apa
kang dipangandikakake dening Sang Roh
marang pasamuwan-pasamuwan.

Sing sapa unggul, iku bakal Sunparingi
mangan wohe wit panguripan kang ana ing
Patamanane Pirdus Gusti Allah."

Marang pasamuwan ing Smirna

2:8-11

8 "Lan nulisa marang malaekate pasamuwan
ing Smirna: Iki pangandikane Sang Awal
lan Sang Akhir, kang wus seda lan gesang
maneh: 9 Ingsun ngudaneni ing kasusahanira
lan kamlaratanira, -- ananging sira sugih --
apadene pangala-alane wong kang ngaku-aku
wong Yahudi, mangka sanyatane dudu; dene
satemene wong-wong iku paguyubane Iblis.
10 Sira aja wedi ing sadhengaha kasangsaran
kang kudu sira sangga! Lah sanyatane
Iblis bakal nglebokake wong sawatara
panunggalanira marang ing pakunjaran
supaya sira kadadara sarta sira bakal kataman
ing kasusahan sapuluh dina lawase. Sira
disetya tuhu nganti tumeka ing pati, temah
bakal Sunganjar makuthaning kauripan.
11 Sing sapa duwe kuping, ngrungokna apa
kang dadi pangandikane Sang Roh marang
pasamuwan-pasamuwan:

Sing sapa unggul, iku bakal ora nandhang susah ana ing pati kang kapindho.”

Marang pasamuwan ing Pergamus

2:12-17

12 “Lan nulisa marang malaekate pasamuwan
ing Pergamus: Iki pangandikane kang ngasta
pedhang landhep kiwatengen: 13 Ingsun
ngudaneni ana ing ngendi panggonanira,
iya iku ing panggonane dhampare Iblis;
ewadene sira ngugemi asmaningSun, sarta
ora nyelaki pracayanira marang Ingsun, uga
ora ing nalika jamane Antipas, seksiningSun,
kang setya marang Ingsun kang dipateni
ana ing ngarepira, ing padunungane Iblis.
14 Ananging sira ana sawatara kang Sunwaoni;
ing antaranira ana sawatara kang padha
ngugemi piwulange Bileam, kang ngajani
Balak supaya njlomprongake wong Israel,
supaya padha mangana sesajene brahala sarta
laku jina. 15 Mangkono uga ing antaranira ana
kang padha ngugemi piwulange panganute
Nikolaus. 16 Marga saka iku sira mratobata!
Manawa ora mangkono, Ingsun bakal
dumrojog ngrawuhi sira sarta Ingsun bakal
nempuh perang marang wong-wong mau
kalawan pedhang kang ana tutukingSun iki.
17 Sapa kang duwe kuping, ngrungokna apa
kang dadi pangandikane Sang Roh marang
pasamuwan-pasamuwan:

Sing sapa unggul, bakal Sunparingi mangan mana kang piningit, sarta Sunganjar watu

putih, kang ing dhuwure katulisan jeneng anyar, kang ora kawruhan ing wong, kajaba kang nampani.”

Marang pasamuwan ing Tiatira

2:18-29

[18] “Lan nulisa marang malaekate pasamuwan
ing Tiatira: Iki pangandikane putraning Allah,
kang tingale kaya urubing geni lan sampeyane
kaya tembaga: [19] Ingsun ngudaneni
panggawenira kabeh: iya katresnanira,
iya pracayanira, apadene pangabdinira lan
kaantepanira. Ingsun nguningani, manawa
panggawenira kang wekasan iku ngluwihi
kang wiwitan. [20] Nanging sira Sunwaoni,
amarga sira ngumbar Izebel, wong wadon
kang ngaku-aku nabi, memulang lan nasarake
para abdiningSun supaya laku jina lan
mangan sesajene brahala. [21] Lan Ingsun
wus paring inah marang wong mau supaya
mratobata, nanging ora gelem mratobat
saka anggone laku jina. [22] Wruhanira, wong
iku bakal Sungluntungake ing paturon,
Sundadekake lara lan para kang laku jina karo
wong mau bakal Suntempuh ing sangsara
gedhe, manawa padha ora mratobat mareni
pratingkahe iku. [23] Apadene anak-anake
bakal padha Suntumpes. Temahan sakehe
pasamuwan bakal padha sumurup yen Ingsun
iki kang nupiksani batin lan atining manungsa.
Sarta Ingsun bakal males marang sawiji-wijine
panunggalanira miturut sapanggawenira.

[24] Nanging sira, iya iku wong-wong liyane
kang ana ing Tiatira, kang ora ngugemi
piwulang iku, lan kang ora nyinau ing
wadi-wadining Iblis, kayadene anggone
ngarani, iku Sundhawuhi mangkene: Ingsun
ora karsa ngetrapi momotan liyane marang
sira. [25] Nanging apa kang sira duweni iku
kukuhana nganti sarawuhingSun.
[26] Dene sing sapa unggul lan nindakake
ayahaningSun nganti tumeka ing wekasan,
iku bakal Sunganjar panguwasa mengku
para bangsa, [27] lan iku bakal padha direh
kalawan teken wesi; sarta wong-wong iku
bakal karemuk kaya grabah, -- padha kaya
kang Ingsun tampeni saka RamaningSun --,
[28] apadene bakal Sunganjar lintang panjer
esuk.
[29] Sapa sing duwe kuping, ngrungokna apa
kang dadi pangandikane Sang Roh marang
pasamuwan-pasamuwan.”

Marang pasamuwan ing Sardis

3:1-6

3 [1] “Sira nulisa marang malaekate
pasamuwan ing Sardis: Iki pangandikane
kang kagungan Rohe Allah pitu lan lintang
pitu iku: Ingsun ngudaneni ing panggawenira
kabeh; sira kaaranan urip, mangka satemene
mati! [2] Sira tangia, lan nyantosakna apa
kang isih kari kang wus ngarepake mati,
awit panggawenira iku ora ana siji-sijia kang
sampurna ana ing ngarsane AllahingSun.

3 Kang iku sira elinga, kapriye anggonira
nampani lan krungu; iku tetepana lan
mratobata! Jalaran manawa sira ora jumaga,
Ingsun bakal ngrawuhi sira kaya maling,
sarta sira ora bakal sumurup wayah apa
anggoningSun ngrawuhi sira. 4 Nanging ing
Sardis kono uga ana wong sawatara kang
ora ngregedi sandhangane; wong-wong iku
bakal ndherek ing satindakingSun kalawan
manganggo putih, marga wus padha sembada.
5 Sing sapa unggul, iku bakal dienggoni
sandhangan putih kaya mangkono; lan
jenenge mesthi bakal ora Sunbirat saka ing
buku kauripan, sarta jenenge bakal Sunakeni
ana ing ngarsane RamaningSun lan ing
ngarepe para malaekate.
6 Sing sapa duwe kuping, ngrungokna apa
kang dadi pangandikane Sang Roh marang
pasamuwan-pasamuwan."

Marang pasamuwan ing Filadhelfia

3:7-13

7 "Lan sira nulisa marang malaekate
pasamuwan ing Filadhelfia: Iki pangandikane
Sang Suci, Sang Sajati, kang ngasta
kuncine Dawud; samangsa Panjenengane
ngengakake, ora ana kang bisa nutup,
samangsa Panjenengane nutup, ora ana kang
bisa ngengakake. 8 Ingsun ngudaneni sakehing
panggawenira. Sira wus Sunwengani lawang
kang ora bisa kainebake dening wong. Ingsun
mirsa manawa kakuwatanira ora sapiraa,

nanging sira netepi pangandikaningSun
sarta ora nyelaki asmaningSun.
9 Wruhanira,
wong sawatara panunggalaning paguyubane
Iblis, yaiku kang padha ngaku-aku Yahudi,
mangka sajatine dudu, nanging goroh, iku
bakal Sunpasrahake marang sira. Sanyatane
wong iku bakal Suntekakake, supaya
padha sumungkem ana ing ngarepe sikilira
sarta padha ngakoni, yen Ingsun ngasihi
sira.
10 Sarehne sira wus netepi marang
pangandikaningSun, supaya kalawan sabar
mantep nganti-anti marang Ingsun, mulane
Ingsun iya bakal ngreksa sira ing dina pacoban
kang bakal nekani ing sajagad kabeh kanggo
ndadar wong kang padha manggon ing bumi.
11 Ingsun bakal dumrojog rawuh. Apa kang
sira duweni iku kukuhana, supaya aja ana
wong kang ngepek makuthanira.

12 Sing sapa unggul, iku bakal Sundadekake
saka-guru ana ing Padaleman Sucining
AllahingSun, lan ora bakal metu maneh
saka kono; karodene bakal Suntulisi asmane
AllahingSun, araning kuthaning AllahingSun,
yaiku Yerusalem anyar, kang tumurun saka ing
swarga saka AllahingSun, sarta asmaningSun
kang anyar.

13 Sapa kang duwe kuping, ngrungokna apa
kang dadi pangandikane Sang Roh marang
pasamuwan-pasamuwan."

Marang pasamuwan ing Laodhikia

3:14-22

14 “Lan sira nulisa marang malaekate
pasamuwan ing Laodhikia: Iki pangandikane
Sang Amin, Seksi kang setya tuhu lan sajati,
kang murwani titahing Allah: 15 Ingsun
ngudaneni ing sakehing panggawenira, yen
sira iku ora adhem lan ora panas. Saiba becike
saupama sira adhem utawa panas. 16 Kang iku
sarehne sira iku manget-manget, ora adhem
ora panas, mulane Ingsun bakal nglepeh
sira saka ing tutukingSun. 17 Sarehne sira
duwe ujar: Aku iki sugih lan aku wus ngudi
kasugihan sarta ora kekurangan apa-apa,
apa maneh marga sira ora sumurup, yen sira
iku mlarat, lan memelas, wuta lan kawudan,
18 mulane Ingsun mituturi sira, supaya sira
tukua mas kang binesot ing geni marang
Ingsun, supaya sira dadia sugih; lan uga
sandhangan putih, supaya sira manganggoa,
temah aja nganti katon anggonmu wuda,
kang ngisin-isini; apadene lenga kang kagawe
mblonyohi mripatira, supaya bisa ndeleng.
19 Sapa wong kang Sunkasihi iku Sunwelehake
lan Sunrangket; marga saka iku sing sumarah
lan mratobata!

20 Wruhanira, Ingsun jumeneng ana ngarep
lawang sarta thothok-thothok; manawa
ana wong kang krungu suwaraningSun lan
ngengani lawang, Ingsun bakal lumebet

manggihi lan bujana bebarengan karo wong
iku lan wong iku karo Ingsun.
21 Sing sapa unggul, iku bakal Sunwenangake
lungguh kalawan Ingsun ana ing
dhamparingSun, padha kaya Ingsun
uga wus unggul lan banjur lenggah kalawan
RamaningSun ana ing dhampare.
22 Sing sapa duwe kuping, ngrungokna apa
kang dadi pangandikane Sang Roh marang
pasamuwan-pasamuwan.”

Pinituwa patlikur lan makluk papat

4:1-11

4 1 Sawuse mangkono aku weruh: Lah,
lawanging swarga ana kang menga
sarta ana swara kang wus dakrungu biyen,
ngandikani aku kaya swarane kalasangka,
mangkene: “Sira munggaha mrene bakal
Suntedahi apa kang sawuse iki pinesthi
kalakon ing tembe.” 2 Padha sanalika aku
kalimputan ing Roh, lah ing swarga ana
dhampar kapasang, lan ana kang lenggah ing
dhampar iku. 3 Kang lenggah ing dhampar
iku sawangane kaya sesotya yaspis lan
sardhis; lan ing saubenge dhampar ana
kluwunge kang katon sumunar kaya jumerud.
4 Anadene ing saubenge dhampar mau ana
dhampare patlikur linenggahan ing pinituwa
patlikur, padha mangagem putih sarta ngagem
makutha emas. 5 Saka ing dhampar mau ana
kilate kang metu lan swara gludhug kang
gumleger, lan ing ngarepe dhampar ana obor

pitu kang padha murub: yaiku Rohe Gusti Allah
pepitu. 6 Karodene ing ngarepe dhampar ana
sagara kaca kristal; ing satengahe dhampar
lan ing saubenge ana makluk papat padha
kebak mripat ana ing ngarep lan ing buri.
7 Dene makluk mau kang kapisan kaya singa,
kang kapindho kaya pedhet, kang katelu
iku raine kaya manungsa, lan kang kapate
kaya manuk garudha mabur. 8 Makluk papat
mau siji-sijine ana suwiwine ngenem, ing
saubenge lan ing jerone padha kebak mripat,
lan rina-wengi tanpa leren anggone ngucap
mangkene:

“Suci, suci, suci Pangeran Allah, ingkang
Mahakuwasa, ingkang rumiyin wonten,
ing samangke wonten, saha ingkang
badhe rawuh.”

9 Anadene makluk mau saben-saben padha
ngunjukake pamuji lan pakurmatan tuwin puji
sokur marang Panjenengane kang lenggah
ing dhampar lan kang gesang langgeng ing
salawas-lawase, 10 para pinituwa patlikur
mau banjur padha sumungkem ana ing
ngarsane kang lenggah ing dhampar iku, sarta
sujud marang Panjenengane kang gesang
ing salawas-lawase. Sarta padha nyelehake
makuthane ana ing sangarepe dhampar iku
kalawan munjuk:

11 “Dhuh Pangeran saha Gusti Allah
kawula, Paduka ingkang sayogya
tampi pamuji sarta kaurmatan sarta
panguwaos; amargi Paduka sampun
nitahaken samukawis; sarta amargi

saking karsa Paduka, samukawis punika
wonten lan dumados."

Kitab kang kasegel lan Sang Cempe

5:1-14

5 [1] Aku tumuli sumurup kitab gulungan
ana ing astane tengen kang lenggah
ing dhampar mau, kang katulisan ing jero
lan ing jaba lan disegel nganggo segel pitu.
[2] Tumuli aku weruh malaekat kang prakosa
nguwuh-uwuh kalawan swara sora: "Sapa
kang sembada ngudhari gulungan kitab iku
lan ngletheki segele?" [3] Nanging ing swarga
lan ing bumi tuwin sangisoring bumi, ora
ana kang bisa ngudhari gulungan kitab mau
sarta nyumurupi ing sisih jerone. [4] Aku tumuli
nangis kelara-lara, marga ora ana kang tinemu
sembada ngudhari utawa nyumurupi sisih
jerone gulungan kitab mau. [5] Banjur ana
pinituwa kang ngandika marang aku: "Kowe
aja nangis! Lah, Sang Singa kang saka trah
Yahuda, yaiku sogolane Sang Prabu Dawud,
wus unggul, temah bisa ngudhari gulungan
kitab iku lan ngletheki segele pitu."
[6] Aku banjur sumurup ing satengahe dhampar
lan makluk papat iku tuwin ing satengahe para
pinituwa mau ana Cempe jumeneng katone
kaya wus kasembeleh, singate pitu lan tingale
pitu: yaiku Rohe Allah pepitu kang kautus
menyang ing salumahing bumi. [7] Sang Cempe
mau banjur nyelak sarta nampani kitab mau
saka astane tengen kang pinarak ing dhampar.

8 Nalika Panjenengane mundhut gulungan
kitab mau, makluk papat lan pinituwa patlikur
iku tumuli sumungkem ana ing ngarsane Sang
Cempe, siji-sijine nyekel clempung lan bokor
mas, kebak isi menyan; yaiku pandongane
para Suci. 9 Sarta padha ngidungake kidung
anyar, tembunge:

"Paduka sembada nampeni gulungan
kitab punika sarta ngletheki segelipun;
amargi Paduka sampun kapragat lan
sarana rah Paduka, Paduka sampun
nebus tiyang-tiyang saking saben
golongan saha basa tuwin bangsa miwah
umat kagem Gusti Allah, 10 sarta Paduka
dadosaken karajan lan imam sumaos ing
Allah kita, sarta sami badhe dados ratu
wonten ing bumi."

11 Aku tumuli ndeleng lan krungu swarane
malaekat akeh ing sakubenging dhampar,
lan makluk-makluk tuwin para pinituwa;
cacahe maleksa-leksa lan maewu-ewu leksa,
12 pangucape kalawan swara sora:

"Sang Cempe ingkang sampun kapragat
punika sembada nampeni panguwaos,
lan kasugihan, sarta kawicaksanan, saha
kakiyatan, tuwin kaurmatan, miwah
kamulyan lan pangalembana."

13 Aku banjur krungu sakehing makluk kang
ana ing swarga lan ing bumi tuwin sangisoring
bumi, sarta ing sagara, apadene kang urip ing
jerone, padha ngucap:

"Pangalembana lan kaurmatan,
tuwin pamuji sarta kamulyan kagem

Panjenenganipun ingkang lenggah ing
dhampar saha Sang Cempe, ngantos
salami-laminipun!”
14 Anadene makluk papat iku padha ngucap:
“Amin!” Sarta para pinituwa mau padha
sumungkem sujud.

Segel nenem wiwit kaklethek

6:1-17

6 1 Lah aku banjur sumurup Sang Cempe
iku nglethek segel kang kapisan saka segel
pitu mau, lan aku krungu makluk papat mau
kang kapisan ngucap, swarane kaya gludhug:
“Mara ndelenga!”
2 Tumuli aku ndeleng: Lah,
ana jaran putih, kang nunggang nyekel panah
lan nganggo makutha ganjaran. Wong mau
banjur maju kaya kang wus unggul banjur
ngrebut kaunggulan maneh.
3 Lan nalika Sang Cempe iku nglethek segel
kang kapindho, aku krungu makluk kang
kapindho ngucap: “Mara ndelenga!”
4 Tumuli
ana jaran liyane maju, ulese abang mbaranang
sarta kang nunggang kaparingan panguwasa
ngilangi tentrem-rahayu saka ing bumi,
supaya wong padha paten-pinatenan, lan uga
kaparingan pedhang gedhe.
5 Lan nalika Sang Cempe iku nglethek segel
kang katelu aku krungu makluk kang katelu
ngucap: “Mara ndelenga!” Tumuli aku weruh:
lah, ana jaran ireng, kang nunggangi nyekel
timbangan.
6 Aku tumuli krungu ana swara ing
tengah-tengahe makluk papat iku tembunge:

“Gandum sataker sadinar, lan sair telung taker
sadinar. Ananging aja ngrusakake lenga lan
anggur iku.”
7 Lan nalika Sang Cempe nglethek segel
kang kapat, aku krungu makluk kang kapat
ngucap: “Mara ndelenga!”
8 Tumuli aku weruh:
lah ana jaran ijo-kuning siji sarta kang
nunggang jenenge si Pati, lan dietutake dening
teleng palimengan. Lan iku padha kaparingan
panguwasa mateni isining jagad saprapat
srana pedhang, pailan sarta pageblug, tuwin
kalawan kewan-kewan galak ing bumi.
9 Lan nalika Sang Cempe iku nglethek segel
kalima, aku tumuli weruh sangisore misbyah
ana nyawane para kang wus kapatenan marga
saka pangandikane Gusti Allah lan marga
saka paseksene.
10 Nyawa-nyawa mau padha
nguwuh-uwuh kalawan swara sora: “Ngantos
pinten laminipun malih, dhuh Sang Kristus
ingkang Maha Suci sarta Sajati, anggen
Paduka boten ngadili saha malesaken rah
kawula dhateng tiyang ingkang manggen
wonten ing bumi?”
11 Tumuli padha kaparingan
jubah putih, sarta kadhawuhan, supaya lerem
sawatara mangsa engkas nganti tumeka
saganeping cacahe para kancane abdi lan
sadulur-sadulure, kang iya bakal padha
dipateni, kaya wong-wong mau.
12 Bareng Sang Cempe nglethek segel kang
kanem, aku tumuli weruh: lah ana lindhu
kang nggegirisi lan srengenge dadi ireng
kaya kanthong wulu lan rembulan dadi abang
mbranang kaya getih.
13 Lan lintang-lintang

ing langit padha rontog marang ing bumi,
kaya wit anjir ngrontogake wohe kang isih
mentah, manawa katempuh ing angin gedhe.
14 Langit tumuli nglunthung kaya kitab sarta
sakehing gunung lan pulo padha ngalih saka
ing panggonane. 15 Para raja ing bumi lan
para panggedhe sarta para prawira, lan para
wong sugih sarta para wong kang kuwasa,
lan sakehing batur sarta wong mardika padha
ndhelik menyang ing guwa-guwa lan ing
antarane watu-watu karang ing gunung.
16 Iku mau kabeh padha calathu marang
gunung-gunung lan marang watu parang:
"Aku padha jugrugana lan dhelikna supaya aja
kauningan ing Panjenengane, kang lenggah
ing dhampar lan kena ing bebendune Sang
Cempe iku." 17 Sabab dinaning bebendune
kang wingit wus teka, mangka sapa kang
kuwasa nadhahi?

Wong Israel kang padha diecapi

7:1-8

7 1 Sawise iku aku weruh malaekat papat
jumeneng ana ing pojoking bumi papat
padha nyandhet angine bumi papat, supaya
aja ana angin niyup menyang ing dharatan
utawa menyang ing sagara tuwin menyang
ing wit-witan. 2 Sarta aku ndeleng malaekat
liyane njedhul saka ing panggonan mletheking
srengenge. Panjenengane ngampil cape Gusti
Allah kang gesang, lan banjur nguwuh kanthi
swara seru marang malaekat papat kang

padha kaparingan kawajiban ngrusak bumi lan
sagara, 3 tembunge: “Aja ngrusak bumi lan
sagara utawa wit-witan sadurunge aku padha
ngecapi para abdine Allahku ing bathuke!”
4 Lan aku krungu cacahe kang padha
kaecapan iku: Panunggalane talere Banisrael
kabeh kang kaecapan ana satus patang puluh
papat ewu.

5 Saka taler Yahuda kang kaecapan rolas
ewu,
saka taler Ruben rolas ewu,
taler Gad rolas ewu,
6 taler Asyer rolas ewu,
taler Naftali rolas ewu,
taler Manasye rolas ewu,
7 saka taler Simeon rolas ewu,
taler Lewi rolas ewu,
taler Isakhar rolas ewu,
8 saka taler Zebulon rolas ewu,
taler Yusuf rolas ewu,
taler Benyamin rolas ewu.

Wong akeh kang cacahe tanpa wilangan

7:9-17

9 Sawuse mangkono aku weruh: lah ana
golonganing wong akeh kang cacahe tanpa
wilangan, saka sakehing bangsa lan taler
tuwin golongan sarta basa, ngadeg ana ing
sangarepe dhampar lan ing ngarsane Sang
Cempe, padha nganggo jubah putih lan nyekel
godhong kurma. 10 Iku padha nguwuh kalawan
swara seru:

“Karahayon punika sayogya kadarbe
ing Allah kawula ingkang lenggah ing
dhampar saha ing Sang Cempe!”
11 Anadene sakehing malaekat padha mapan
ana ing saubenging dhampar lan para
pinituwa tuwin makluk papat iku. Iku padha
sumungkem ana ing ngarepe dhampar sarta
padha sujud marang Gusti Allah, 12 kalawan
munjuk:

“Amin! Sakathahing puji lan kamulyan,
sarta kawicaksanan tuwin panuwun,
saha kaurmatan miwah panguwaos
punapadene kasekten sayogya kadarbe
ing Allah kita langgeng salami-laminipun!
Amin!”

13 Tumuli ing antarane para pinituwa mau ana
kang ndangu marang aku: “Sapa kang padha
manganggo jubah putih iku lan pinangkane
saka ing ngendi?” 14 Atur wangsulanku:
“Bapak, punika panjenengan ingkang uninga.”
Pinituwa mau banjur ngandika marang aku:
“Iku para kang luwar saka ing sangsara gedhe
sarta wus padha ngumbah jubahe nganti
putih ing rahe Sang Cempe. 15 Mulane padha
ngadhep ana ing ngarepe dhamparing Allah lan
padha ngladosi Panjenengane rina-wengi ana
ing Padalemane Suci, apadene bakal padha
ingauban dening kang lenggah ing dhampar
iku kalawan tarube, 16 sarta ora bakal padha
ngelih lan ngelak maneh, tuwin bakal ora kena
ing dayaning srengenge utawa ing panas kang
sumelet. 17 Amarga bakal padha diengen sarta
diirid menyang tuking banyu kauripan dening

Sang Cempe kang ana satengahing dhampar
iku, lan Gusti Allah bakal ngusapi sakehe eluh
ing mripate.”

Pangletheke segel kang kapitu

8:1-5

8 [1] Bareng Sang Cempe iku nglethek segel
kang kapitu, ing swarga banjur sidhem
premanem watara satengah jam suwene.
[2] Tumuli aku weruh malaekat pitu kang
ngadhep ana ing ngarsaning Allah, padha
kaparingan kalasangka pitu.
[3] Banjur ana malaekat liyane kang jumeneng
cedhak misbyah kalawan ngasta padupan
mas. Nuli padha kaparingan menyan akeh
supaya dianggoa cecaosan bebarengan karo
pandongane para suci ana ing misbyah mas
kang ana ing ngarepe dhampar iku. [4] Kukuse
menyan kumelun awor karo pandongane
para suci iku saka ing astane malaekat mau
marang ing ngarsaning Allah. [5] Malaekat mau
tumuli mundhut padupan mas iku, diiseni
geni saka ing misbyah, lan geni iku banjur
diuncalake marang ing bumi. Tumuli ana swara
gumlegering gludhug, bareng lan bledheg
sarta lindhu.

Kalasangka papat kang wiwitan

8:6-13

6 Malaekat pitu kang ngasta kalasangka pitu mau banjur padha tata-tata arep ngungelake kalasangkane.

7 Malaekat kang kapisan banjur ngungelake kalasangkane, tumuli ana udan es, lan geni, campur getih; lan kabeh mau katibakake ing bumi; temah sapratelone bumi lan sapratelone wit-witan kobong sarta sakehe suket ijo padha geseng.

8 Malaekat kang kapindho tumuli ngungelake kalasangkane tumuli ana rerupan saemper gunung gedhe kang murub, kacegurake ing sagara. Temah sapratelone sagara iku dadi
getih, 9 lan titah ing sagara kang duwe nyawa
sapratelone padha mati tuwin sapratelone prau-prau padha sumyur.

10 Malaekat kang katelu tumuli ngungelake kalasangkane, banjur ana lintang gedhe tiba saka ing langit, murub kaya obor, sarta nibani sapratelon kali-kali lan etuk-etuking banyu.
11 Anadene lintang mau jenenge Apsintus. Satemah sapratelone sakehing banyu dadi apsintus, njalari akeh wong kang padha mati marga saka banyu mau, awit wus dadi pait.

12 Malaekat kang kapat banjur ngungelake kalasangkane, nuli sapratelone srengenge lan sapratelone rembulan tuwin sapratelone lintang-lintang katempuh, temah sapratelone iku padha dadi peteng, lan sapratelone rina

ora padhang, sarta wengine iya mangkono
uga.
13 Aku banjur weruh, lan krungu sawijining
manuk garudha mabur ing satengahing langit
lan ngucap kanthi swara seru: “Bilai, bilai, bilai
wong kang manggon ana ing bumi awit saka
swarane kalasangkane malaekat telu liyane,
kang isih bakal ngungelake kalasangkane.”

Kalasangka kan kalima

9:1-12

9 1 Malaekat kang kalima tumuli ngungelake
kalasangkane, aku banjur weruh ana
lintang kang tiba ing bumi saka ing langit, sarta
lintang mau kaparingan kuncine lawanging
teleng palimenganing pati. 2 Tumuli lawanging
teleng mau kabukak, banjur ana pega kumelun
saka ing teleng kaya pegane pawon gedhe,
temahan srengenge lan awang-awang padha
kapetengan dening pegane teleng mau.
3 Tumuli pega iku metu walange akeh padha
neba ing bumi lan padha kaparingan daya
kayadene dayane kalajengking ing bumi.
4 Lan padha kadhawuhan, supaya aja padha
ngrusak suket-suket ing bumi, utawa marang
sadhengaha thethukulan lan wit-witan,
kajaba mung marang manungsa kang ing
bathuke ora ana cape Gusti Allah. 5 Karodene
walang-walang mau ora diparengake mateni
manungsa, ananging mung nyiksa bae lawase
limang sasi, lan anggone nyiksa iku kaya
panyiksane kalajengking, samasa ngentup

wong. 6 Ing mangsa iku wong-wong bakal
ngupaya pati, nanging ora bisa, lan padha
kapengin mati, ananging padha kaoncatan ing
pati.
7 Anadene mungguh rupane walang-walang
mau kaya jaran kang samekta ing perang, ing
endhase ana kang saemper makutha emas,
raine kaya raine manungsa, 8 lan rambute kaya
rambute wong wadon, lan untune kaya untune
singa, 9 lan dhadhane kaya nganggo kere wesi,
kumrasaking elare kaya gumrubyuging kareta
kang digered ing jaran akeh, kang padha
mlayu menyang ing paperangan. 10 Buntute
kaya kalajengking, lan uga ana entupe, dene
buntute iku gunane kanggo milara manungsa
lawase limang sasi. 11 Anadene kang dadi
ratune iya iku malaekat panggedhening
teleng palimenganing pati, jenenge ing basa
Ibrani Abadon, lan ing basa Yunani Apolion.
12 Kasangsaran kang kapisan wus kliwat. Saiki
isih ana kasangsaran loro kang bakal nekani.

Kalasangka kang kanem

9:13-21

13 Malaekat kang kanem tumuli ngungelake
kalasangkane, aku banjur krungu swara
metu saka sungu papat ing misbyah mas
kang ana ing ngarsane Gusti Allah, 14 Kang
dhawuh marang malaekat kang kanem
kang ngasta kalasangka mau mangkene:
“Malaekat papat kang padha kabanda ana
ing sacedhake bengawan Efrat iku uculana.”

[15] Malaekat papat kang padha kacawisake
ngenteni jam, dina, sasi lan taun kang wus
pinanci iku tumuli diuculi, supaya padha
mateni sapratelone umat manungsa. [16] Lan
cacahe wadyabala jaranan iku rongpuluh ewu
leksa; aku krungu pira cacahe. [17] Mungguh
jarane lan kang padha nunggangi iku ana
ing wahyu iki katone mangkene: padha
nganggo kere, warnane abang kaya geni
lan biru tuwin kuning walirang; endhase
jaran memper kaya endhasing singa, tuwin
cangkeme ngetokake geni, lan pega sarta
welirang. [18] Sapratelone umat manungsa
padha dipateni dening wewelak telu iku, yaiku
geni, lan pega tuwin welirang kang padha
metu saka ing cangkeme. [19] Awitdene dayane
jaran-jaran mau dumunung ana ing cangkeme
lan buntute; amarga buntute iku kaya ula;
padha nganggo endhas, iku kanggo nganakake
karusakan.

[20] Ananging kekarene wong kang ora dipateni
kalawan wewelak iku mau, meksa ora padha
mratobat nyingkiri pagaweaning tangane:
ora mareni anggone padha nyembah marang
para dhemit lan brahala-brahala mas, salaka,
tembaga, watu apadene kayu kang ora bisa
ndeleng, krungu utawa lumaku. [21] Apamaneh
uga padha ora mratobat sumingkir saka
anggone memateni, utawa nenung, sarta laku
jina, apadene nyenyolong.

Kitab kawudharan

10:1-11

10 1 Aku tumuli weruh malaekat liyane
kang prakosa tumedhak saka ing
swarga, asingep mega, lan ing sadhuwuring
mustakane ana kluwunge, wedanane kaya
srengenge, sampeyane kaya tugu geni.
2 Astane nyepeng gulungan kitab cilik
wudharan. Sampeyane kang tengen tumapak
ing sagara, lan kang kiwa ing dharatan.
3 Malaekat mau nguwuh kalawan swara seru
kaya panggeroning singa. Sawuse iku nguwuh,
ngludhug pitu banjur padha nyuwara. 4 Lan
sawuse gludhug pitu mau padha ngucap,
iku banjur arep dakcatheti, nanging aku nuli
krungu swara saka ing swarga kang ngandika:
"Apa kang diucapake dening gludhug pitu iku
mau sira segela, aja sira tulis!"
5 Malaekat kang dakdeleng jumeneng ana ing
sagara lan ing dharatan mau, tumuli ngangkat
astane tengen marang langit, 6 sarta banjur
supaos demi Panjenengane kang gesang
langgeng salawas-lawase, kang wus nitahake
langit saisine, lan bumi saisine, tuwin sagara
saisine: "Ora bakal kaundur maneh! 7 Nanging
samangsa unine kalasangkane malaekat kang
kapitu keprungu, yaiku manawa malaekat iku
ngungelake kalasangkane, bakal kayektenan
kekeraning Allah, kaya kang wis kawartosake
marang para abdine, yaiku para nabi."

[8] Swara kang wus dakrungu saka ing langit
mau, tumuli ngandika maneh marang aku
mangkene: "Majua, kitab wudharan kang ana
ing tangane malaekat, kang ngadeg ana ing
sagara lan ing dharatan iku tampanana." [9] Aku
banjur marani malaekat mau sarta nyuwun,
supaya gulungan kitab iku kaparingna marang
aku. Dhawuhe marang aku: "Tampanana, lan
panganen; iki bakal marakake wetengmu pait,
nanging ana ing cangkemmu rasane legi kaya
madu." [10] Aku tumuli nampani kitabe saka ing
astane malaekat mau, banjur dakpangan:
ana ing cangkemku rasane legi kaya madu,
nanging sawuse dakpangan, wetengku krasa
pait. [11] Tumuli aku dipangandikani mangkene:
"Kowe kudu medhar wangsit maneh marang
para bangsa lan umat tuwin basa sarta para
ratu."

Seksine Gusti Allah loro

11:1-14

11 [1] Aku tumuli kaparingan glagah,
kaya teken ukuran, kanthi dhawuh
mangkene: "Mara sira ngadega lan ukuren
Padalemane Suci Gusti Allah lan misbyah dalah
para kang sujud ana ing kono iku. [2] Mung
platarane sajabane Padaleman Suci iku aja
sira ukur, marga iku wus kapasrahake marang
para bangsa-bangsa liya kang bakal padha
ngidak-idak Kutha Suci lawase patang puluh
loro sasi. [3] Anadene seksiningSun loro bakal
Sundhawuhi medhar wangsit lawase sewu

rong atus sawidak dina kalawan manganggo
bagor.”
4 Yaiku wit jaitun loro lan padamaran loro
kang ana ing pangayunane Allahe alam donya.
5 Dene manawa ana wong kang arep milara,
bakal ana geni metu saka ing cangkeme
mangsa marang satrune. Lan manawa ana
wong kang arep milara, mesthi kapatenan
kanthi patrap mangkono. 6 Seksi loro mau
padha duwe panguwasa ngancing langit,
supaya ora ana udan sajrone padha medhar
wangsit; lan padha duwe panguwasa ing
ngatase sakehing banyu bisa kadadekake
getih; sarta nggebug bumi kalawan
sawarnaning wewelak sawayah-wayah miturut
sakarepe.
7 Anadene samangsa wus rampung anggone
padha nglairake paseksene, tumuli kewan
kang muncul saka ing teleng bakal nempuh
perang marang seksi-seksi mau, sarta bakal
padha dikalahake lan dipateni. 8 Layone bakal
gilang-gilang ana ing lurunging kutha gedhe,
kang cara kasukman kaaranan Sodom lan
Mesir, iya ing panggonane Gustine kasalib.
9 Karodene panunggalane para bangsa lan
taler tuwin basa sarta golongan, padha
nonton layone lawase telu satengah dina lan
wong-wong iku ora nglilani layone dikubur.
10 Wong-wong kang manggon ing bumi padha
bungah awit saka kang mati iku lan padha
pista apadene padha kirim-kiriman bebungah,
marga nabi loro mau padha nyiksa kabeh
wong kang manggon ana ing bumi.

11 Sawuse telu satengah dina tumuli rohing
kauripan saka ing Allah nganjingi layon-layon
mau, temahan kang mati banjur padha tangi,
agawe banget girise wong kang padha weruh.
12 Wong-wong mau tumuli padha krungu
swara seru saka ing swarga mangandikani:
"Padha munggaha mrene!" Banjur padha
munggah menyang ing langit, katutupan
mega, kadeleng dening para satrune.
13 Ing nalika iku ana lindhu kang luwih dening
gedhe lan saprasapuluhe kutha iku jugrug, lan
wong pitung ewu padha mati dening lindhu
iku; lan wong-wong liyane padha giris banget,
banjur padha ngluhurake Gusti Allah ing
swarga.
14 Wewelak kang kapindho wus liwat; lah,
wewelak kang katelune tumuli teka.

Kalasangka kang kapitu kaunekake.

Gusti Allah kaluhurake dening para pinituwa kalawan kidung pangalembana

11:15-19

15 Bareng malaekat kang kapitu ngungelake
kalasangkane, tumuli ing swarga keprungu
swara banter padha muni mangkene:

"Paprentahan ing donya iku kaasta
dening Pangeran kita lan Sang Jebadane,
sarta Panjenengane bakal jumeneng Ratu
langgeng salawas-lawase."

16 Para pinituwa patlikur, kang padha lungguh
ing dhampar ana ing ngarsaning Allah banjur

padha sumungkem sujud marang Gusti Allah,
17 unjuke,

"Dhuh Pangeran, Gusti Allah ingkang
Mahakuwaos, ingkang wonten, saha
ingkang kala rumiyin wonten,
kawula sami saos sokur dhumateng Paduka,
amargi Paduka sampun ngagem panguwaos
Paduka ingkang agung saha sampun
wiwit ngasta kaprabon.
18 Para bangsa sampun sami nepsu, nanging
bebendu Paduka sampun katingal sarta
sampun dumugi wekdalipun para tiyang
pejah dipun adili tuwin paring ganjaran
dhateng para abdi Paduka,
para nabi kaliyan para suci saha para ingkang
ajrih-asih dhumateng asma Paduka,
dhateng tiyang-tiyang alit kaliyan tiyang-
tiyang ageng amargi Paduka sampun
ngagem panguwaos Paduka ingkang
agung lan Paduka badhe nglebur para
ingkang sami ngrisak bumi."

19 Sabanjure Padalemane Suci Gusti Allah
kang ana ing swarga kawengakake lan pethi
prajanjiane katon ana ing Padaleman Suci
iku, banjur ana kilat lan swara gumlegering
gludhug apadene lindhu lan udan es kang
luwih dening deres.

Wanodya lan naga

12:1-6

12 1 Ing langit tumuli katon tengeran
gedhe: Ana wanita kang sinandhangan

srengenge, lan rembulan ana ing sangisore
tlapakane sarta nganggo makuthane lintang
rolas ana ing sirahe. 2 Wanita mau lagi
ngandheg sarta sajrone sesambat nglarani
arep nglairake iku njerit marga kelaran. 3 Lan
ing langit katon ana tengeran liyane: Lah ana
naga gedhe abang mbranang, endhase pitu,
lan ana sungune sapuluh, sarta ing endhase
ana jamange pitu. 4 Pethite nyered sapratelone
lintang-lintang ing langit, banjur ditibakake
marang bumi.
Naga mau mapan ana ing ngarepe wanita
kang arep nglairake iku, sedyane arep nguntal
Putrane sang wanita, samangsa miyos. 5 Sang
wanita mau banjur mbabar Putra kakung, kang
bakal ngengen para bangsa kalawan lantaran
wesi; dumadakan Sang Putra mau karebut lan
diplayokake menyang ing ngarsaning Allah lan
ing dhampare. 6 Dene sang wanita mau mlayu
menyang pasamunan, ing panggonan kang
wus dicawisake dening Gusti Allah, supaya
diopeni ana ing kono lawase sewu rong atus
sawidak dina.

Naga dikalahake

12:7-9

7 Ing swarga tumuli ana paperangan. Sang
Mikhael lan para malaekate padha perang
nglawan naga mau, sarta si naga iku kabantu
dening para malaekate, 8 nanging padha ora
kuwat nanggulangi; temah padha ora oleh
papan maneh ana ing swarga. 9 Si naga gedhe

banjur diuncalake mangisor, si ula kuna, kang kaaranan Iblis lan Setan, kang nasarake saisining jagad, iku kauncalake menyang ing bumi, dalah para malaekate.

Kidung kaunggulan

12:10-12

10 Nuli aku krungu swara kang banter ana ing swarga, mangkene:

“Samengko karahayon lan panguwasa tuwin paprentahaning Allah kita,
lan panguwasane Sang Jebadane, wus kababar, marga si panggugat, kang rina-wengi nggugat para sadulur kita ana ing ngarsaning Allah kita, iku wus kauncalake mangisor.
11 Lan anggone padha ngalahake srana rahe Sang Cempe, lan srana tembunge paseksene.
Sabab padha ora ngeman marang nyawane dhewe nganti tumeka ing pati.
12 Mulane padha sukarenaa,
he, swarga lan he, sira kabeh kang padha ngenggoni,
bilai kowe, he, bumi lan sagara!
marga Iblis wus ngudhuni sira, kalawan nepsu banget,
marga weruh, yen wektune mung kari sathithik.”

Naga ngoyak wanita mau

12:13-17 (12:13-18)

13 Anadene bareng si naga eling, yen wus
kauncalake menyang ing bumi banjur ngoyak
sang wanita kang wus mbabar Putra kakung
mau. 14 Sang wanita tumuli kaparingan
suwiwi garudha gedhe sapasang, supaya
mabur menyang ing panggonane, iya iku ing
pasamunan, ana ing kono wanita iku diopeni,
adoh saka papane si ula, lawase samangsa
lan rong mangsa tuwin satengah mangsa.
15 Si ula banjur nyemburake banyu kaya kali
saka ing cangkeme, disusulake marang wanita
mau, supaya kelia ing kali kono. 16 Nanging
sang wanita ditulungi dening bumi. Bumi iku
ngangapake cangkeme, lan nguntal kali kang
disemburake dening cangkeme naga mau.
17 Si naga tumuli nepsu banget marang sang
wanita, banjur lunga merangi turune liyane,
kang padha netepi pepakoning Allah lan
13 ngantepi ing paseksene Gusti Yesus,
1 (12-18) lan banjur manggon ana ing
pinggir sagara.

Kewan kang metu saka sajrone sagara

13:1-10 (13:1-10)

(13-1) Sabanjure aku weruh ana kewan
njedhul saka sajroning sagara, sungune
sapuluh lan endhase pitu; pucuking sungune
ana makuthane sapuluh, lan ing endhase

ana cirine jeneng panyenyamah. 2 Kewan
kang dakdeleng iku rupane kaya macan
tutul, sikile kaya sikil bruwang lan cangkeme
kaya cangkem singa. Iku banjur diwenehi
kasekten dening naga mau, lan dhampar
tuwin panguwasane kang gedhe. 3 Aku
nuli ndeleng endhase kang siji iku kaya
ana tatune kang mbebayani tumrap uripe,
nanging tatune banjur waras. Temah
wong sadonya padha kaeraman, banjur
ngetut buri kewan iku. 4 Wong-wong mau
padha sujud marang naga mau, awit wus
menehake panguwasane marang kewan
iku. Karodene wong-wong mau padha sujud
marang si kewan kalawan pangucape:
“Sapa kang madhani kewan iki? Lan sapa
kang bisa nandhingi perang?” 5 Si kewan
banjur kaparingan cangkem, kang kebak
kumlungkung lan panyenyamah; sarta uga
kaparingan panguwasa nglakoni mangkono
iku lawase patang puluh loro sasi. 6 Kewan
iku nuli ngangapake cangkeme nyenyamah
marang Gusti Allah, iya nyenyamah marang
asmane lan padalemane sarta marang kabeh
kang padha manggon ana ing swarga.
7 Sarta maneh kalilan nempuh perang lan
ngalahake marang para suci; tuwin kaparingan
panguwasa misesa marang angger taler lan
umat tuwin basa sarta bangsa. 8 Lan kabeh
wong kang manggon ing bumi bakal padha
sujud marang si kewan, yaiku saben wong
kang jenenge wiwit nalika jagad tinalesan ora

katulisan ing buku kauripan kagungane Sang
Cempe kang wus kasembeleh.
9 Sapa kang duwe kuping, ngrungokna!
10 Sapa kang pinesthi ditawan, iku bakal
ditawan; sapa kang pinesthi kapatenan
sarana pedhang, iku bakal kapatenan sarana
pedhang.
Kang prelu ing kene iya iku sabar mantep lan
pracayane wong-wong suci.

Kewan kang metu saka ing sajroning bumi

13:11-18

11 Aku tumuli weruh kewan liyane njedhul
saka sajroning bumi, sungune loro kaya Sang
Cempe lan calathune kaya si naga. 12 Sarta
nindakake sakehe panguwasane kewan kang
kapisan ana ing ngarepe. Iku marakake
bumi lan sakabehe kang ngenggoni padha
sujud marang kewan kang kapisan, kang wus
waras tatune kang mbebayani mau. 13 Sarta
maneh nganakake mukjijat-mukjijat kang
nggegirisi, malah nganti ngudhunake geni
saka ing langit marang bumi ana ing ngarepe
wong. 14 Kewan mau nasarake wong kang
manggon ing bumi sarana kaelokan-kaelokan,
kang wus diwenehake supaya ditindakake
ana ing ngarepe si kewan kapisan mau.
Wong-wong kang manggon ing bumi dikon
dening kewan mau, supaya padha nganakake
reca kanggo ngurmati si kewan kang kataton
dening pedhang, nanging kang tetep isih urip
iku. 15 Apamaneh si kewan dikuwasakake

nganjingi nyawa marang reca iku mau, temah
reca kewan iku uga bisa calathu, lan banjur
tumandang, saben wong kang ora sujud
marang reca kewan iku banjur kapatenan.
16 Karodene si kewan mau marakake wong
kabeh, gedhe cilik, sugih miskin, mardika lan
batur tukon, tangane tengen utawa bathuke
padha dicireni, 17 sarta ora ana wong bisa
tetuku utawa dodolan kajaba mung kang
kanggonan ciri mau, yaiku jenenge si kewan
utawa cacahe wilanganing jenenge.
18 Kang prelu ing kene yaiku kawicaksanan;
sapa kang wicaksana iku ngetunga cacahing
wilangane si kewan iku, awit iku wilangane
sawijining manungsa, lan cacahe yaiku nem
atus sawidak nenem.

Sang Cempe lan para tebusane

14:1-5

14 1 Aku tumuli weruh: lah Sang Cempe
jumeneng ana ing gunung Sion,
kaayap dening wong satus patang puluh
papat ewu, kang padha kacirenan asmane
piyambak lan asmane Kang Rama ana
ing bathuke. 2 Aku banjur krungu swara
saka ing langit kaya gumrojoging banyu
akeh lan kaya gumlegere gludhug kang
nggegirisi. Lan swara kang dakrungu iku kaya
swarane panylempung-panylempung kang
padha ngunekake clempunge. 3 Iku padha
ngidungake kidung anyar ana ing ngarepe
dhampar lan ing ngareping makluk papat

tuwin para pinituwa iku, lan ora ana wong
kang bisa nyinau kidung iku, kajaba mung
wong satus patang puluh papat ewu kang wus
padha katebus saka ing bumi iku. 4 Yaiku wong
kang ora padha njemberake awake karo wong
wadon, amarga padha murni kaya prawan.
Iku kang padha ndherekake Sang Cempe ing
satindak-tindake. Yaiku kang padha katebus
saka ing antarane manungsa minangka
kurban wiwitan sumaos marang Gusti Allah
lan marang Sang Cempe. 5 Lan ing cangkeme
ora tinemu kang cidra; wong iku padha tanpa
cacad.

Pawarta bab pangadilan

14:6-13

6 Lan aku tumuli weruh malaekat liyane
mabur ing awang-awang ngasta Injil kang
langgeng diwartakake marang wong kang
padha manggon ana ing bumi lan marang
sadhengah bangsa lan taler tuwin basa sarta
golongan, 7 pangandikane kalawan swara
seru: “Padha wedi-asiha marang Gusti Allah
lan caosana kaurmatan, awit wektuning
pangadilane wus teka, sarta padha sujuda
marang Panjenengane kang wus nitahake
langit lan bumi tuwin sagara apadene sakehe
tuking banyu.”

8 Banjur ana malaekat liyane maneh,
malaekat kapindho, nusul, ngandika: “Wus
rubuh, wus rubuh Babil, kutha kang gedhe

iku, kang wus ngendemi sakehe para bangsa
kalawan angguring hawa-nepsu laku jina.”
9 Tumuli ana malaekat liya, kang katelune
nusul, pangandikane kanthi swara sora:
“Manawa ana wong kang sujud marang si
kewan lan marang recane iku, tuwin nampani
ciri ana ing bathuke utawa ing tangane, 10 iku
bakal ngombe anggur bebendune Gusti Allah,
kang wus kasadhiyakake tanpa campuran ana
ing tuwunging dukane; sarta bakal kasiksa
kalawan geni lan walirang ana ing ngarepe
para malaekat suci lan ing ngarsane Sang
Cempe. 11 Anadene pegane geni pasiksan iku
kumelun ing salawas-lawase, lan panyiksane
tanpa leren rina-wengi, yaiku kang padha
sujud marang si kewan lan marang recane iku,
mangkono uga sapa kang nampani cirining
jenenge.”
12 Kang prelu ing kene yaiku sabar mantepe
para suci, kang padha ngantepi pepakoning
Allah lan pracaya marang Gusti Yesus.
13 Aku tumuli krungu swara saka ing swarga
kang ngandika: “Tulisen: Rahayu para wong
kang mati lan matine ana ing patunggilane
Gusti, wiwit ing samengko.” “Sanyata,”
pangandikane Sang Roh, “supaya padha aso
saka ing rekasane, awit sakehing panggawene
padha mbarengi lakune.”

Panenan ing bumi

14:14-20

14 Aku banjur weruh: lah, ana mega putih, lan
ing mega mau ana kang lenggah kaya Putrane
Manungsa, mustakane ngagem makutha
mas lan astane ngasta arit kang landhep.
15 Tumuli ana malaekat liyane medal saka ing
Padaleman Suci; sarta munjuk kalawan swara
seru marang Panjenengane kang lenggah
ing mega mau: "Gusti mugi nglampahaken
arit Paduka sarta mugi kaenenana, amargi
sampun dumugi mangsanipun ngeneni;
ujer panenan ing bumi sampun sepuh."
16 Panjenengane kang lenggah ing mega mau
banjur nguncalake arite menyang ing bumi,
sarta bumi tumuli kaenenan.
17 Tumuli ana malaekat liyane medal saka
ing Padaleman Suci kang ana ing swarga; iku
uga nyepeng arit landhep. 18 Lan ana malaekat
liyane maneh medal saka ing misbyah kang
nguwaosi geni; iku banjur nguwuh kalawan
swara seru marang malaekat kang ngasta
arit landhep mau: "Aritmu kang landhep iku
lakokna, lan dhompolan wohe wit anggur
ing bumi undhuhana, awit wohe wis padha
mateng." 19 Malaekat mau tumuli nguncalake
arite menyang ing bumi, sarta ngundhuhi
wohe wit anggur ing bumi lan diuncalake ing
kulah pamipitan gedhe, yaiku bebendune
Allah. 20 Lan wohe wit anggur mau tumuli
dipipit ana ing sajabaning kutha, lan saka

ing pamipitan iku ana getih mili, kang jerone
nganti tutug ing kendhalining jaran, lan dohe
rong atus mil.

Pamujine para kang unggul

15:1-4

15 [1] Aku tumuli weruh pratandha liyane
kang gedhe lan elok ana ing langit: ana
malaekat pitu padha mbekta wewelak pitu
kang wekasan, awit iku kang dadi pantoging
bebenduning Allah.
[2] Karodene aku weruh rerupan kaya
sagara kaca campur geni, sarta para wong
kang wus unggul anggone perang karo si
kewan lan recane, sarta cacahe petungane
jenenge, padha ngadeg ana ing pinggiring
sagara gedhah mau. Sarta iku padha nyekel
clempunge Gusti Allah. [3] Wong-wong iku
padha ngidungake kidunge Nabi Musa, abdine
Gusti Allah, lan kidunge Sang Cempe, unine:

“Agung saha elok pakaryan Paduka,
dhuh Pangeran, Allah ingkang Mahakuwaos!
Adil saha leres margi Paduka punika,
dhuh Ratunipun sadaya bangsa!
[4] Dhuh Pangeran, sinten ingkang boten ajrih,
saha boten ngluhuraken Asma Paduka?
Awit namung Paduka piyambak ingkang suci;
amargi sakathahipun bangsa sami badhe
sowan
sarta nyembah sujud dhateng Paduka,
sabab sampun katingal leresing sadaya
pangadilan Paduka.”

Malaekat pitu lan tuwung bebenduning Allah pitu

15:5-8

5 Sawuse mangkono aku tumuli weruh wong
ngengakake Padaleman Suci -- tarub paseksen
-- ing swarga. 6 Sarta malaekat pitu kang
mbekta wewelak pitu mau, padha miyos saka
ing padaleman Suci, ngagem lawon putih
resik tuwin gumilap lan jajane apaningset
mas. 7 Makluk siji ing antarane makluk papat
mau tumuli ngulungake bokor mas pitu
marang malaekat pitu mau, kabeh kebak isi
bebenduning Allah kang gesang langgeng
ing salawas-lawase. 8 Padaleman Suci mau
tumuli kebak pega awit saka kaluhurane lan
panguwaosing Allah, sarta ora ana wong
siji-sijia kang bisa lumebu ing Padaleman Suci
iku, sadurunge wewelak pitu kang kaasta
dening malaekat pitu mau rampung.

Wewelak pepitu

16:1-21

16 1 Aku tumuli krungu swara seru saka
ing Padaleman Suci dhawuh marang
malaekat pitu mau mangkene: “Padha lungaa,
bokor pitu kang isi bebenduning Allah iku
padha suntakana ing bumi.”
2 Malaekat kang kapisan banjur tindak lan
nyuntak bokore menyang ing bumi; wong
kang kanggonan cirine si kewan lan kang

sujud marang recane tumuli padha kena ing
memala wudun kang ampuh lan mbebayani.
3 Malaekat kang kapindho nyuntak bokore
menyang ing sagara; banyune tumuli dadi
getih, kaya getihe wong mati, temahan isining
sagara kang mawa nyawa padha mati kabeh.
4 Malaekat kang katelu nyuntak bokore
menyang ing kali-kali lan tuking banyu,
temahan banyune dadi getih.
5 Aku banjur krungu malaekat kang nguwaosi
banyu iku munjuk:

"Paduka punika adil, Paduka ingkang wonten
sarta ingkang kala rumiyin sampun
wonten, Paduka ingkang suci, ingkang
sampun ndhawahi paukuman punika.
6 Amargi tiyang punika sampun sami
ngwutahaken rahipun para suci lan para
nabi, Paduka inggih sampun ngombeni
rah tiyang-tiyang punika; makaten
punika sampun samesthinipun tumrap
tiyang-tiyang punika!"

7 Apadene aku krungu misbyah ngucap
mangkene:

"Dhuh Pangeran, Allah, Ingkang
Mahakuwaos,
leres lan adil sadaya pangadilan Paduka
punika."

8 Malaekat kang kapat nyuntak bokore
menyang ing srengenge, lan iku tumuli
kaparingan panguwasa mbrangas wong
kalawan geni. 9 Temahan wong padha
kagosongake dening panasing geni kang
banter, banjur padha nyenyamah marang

asmaning Allah, kang nguwaosi wewelak-
wewelak mau, sarta ora mratobat ngluhurake
marang Gusti Allah.
10 Malaekat kang kalima nyuntak bokore
menyang ing dhampare si kewan temahan
kaprabone iku dadi peteng, sarta wong-wong
padha nggigiti ilate dhewe marga saka
kelaran, 11 lan banjur padha nyenyamah
marang asmane Allah ing swarga marga saka
kelaran lan marga saka wudune, nanging
padha ora mratobat mareni pratingkahe.
12 Malaekat kang kanem nyuntak bokore
menyang ing bengawan Efrat, banjur tumuli
asat, temah wus cumawis dalane para ratu
kang rawuh saka ing bang wetan. 13 Aku
banjur weruh saka ing cangkeme si naga lan
ing cangkeme si kewan tuwin ing cangkeme
kang ngaku-aku nabi iku ana roh reged telu
padha metu kaya kodhok. 14 Yaiku roh-roh
setan kang nganakake mukjijat-mukjijat, kang
padha lunga nggoleki ratu-ratu saindenging
jagad, padha diklumpukake diajak perang ing
dina kang wingit, yaiku dinane Gusti Allah
kang Mahakuwaos.
15 "Wruhanira, Ingsun rawuh kaya maling.
Rahayu, wong kang jumaga lan kang ngrumat
sandhangane, supaya anggone lumaku aja
nganti kalawan wuda lan katon kawirangane."
16 Anadene anggone nglumpukake iku mau
ana ing pangonan, kang ing basa ibrani aran
Harmagedhon.
17 Malaekat kang kapitu nyuntak bokore
menyang ing awang-awang. Saka ing

padaleman Suci banjur kaprungu swara seru
saka ing dhampar iku, pangandikane: “Wus
kalakon.” [18] Tumuli ana thathit cumleret lan
gludhug gumleger, sarta ana lindhu gedhe
kang salawase bumi dienggoni manungsa
durung tau kalakon. Kaya mangkono hebate
lindhu iku. [19] Temah kutha kang gedhe iku
pecah dadi telu lan kutha-kuthane para bangsa
kang padha ora wanuh marang Gusti Allah
padha jugrug. Gusti Allah banjur kengetan
marang Babil kang gedhe iku nuli kaparingan
tuwung kang kebak isi anggur bebenduning
dukane Gusti Allah. [20] Sakehe pulo banjur
padha musna, lan gunung-gunung wis padha
ora katemu maneh. [21] Sarta ana udan woh
gedhe, bobote satus pun, tiba saka ing langit
nibani wong-wong, temahan wong-wong
padha nyenyamah marang Gusti Allah marga
saka wewelak udan woh iku, awit wewelak iku
mau nggegirisi banget.

Putusan tumrap kutha Babil

17:1-18

17 [1] Salah sawijining malaekat pitu
kang ngasta bokor pitu mau, rawuh
sarta ngandika marang aku: “Mrenea, kowe
daktuduhi paukumane si sundel gedhe, kang
lungguh ana ing papan kang akeh banyune.
[2] Kang dadi bedhangane para raja ing bumi,
lan para wong kang manggon ing bumi wus
padha mendem dening angguring bedhange.”
[3] Sajrone aku kalimputan ing Roh aku kagawa

menyang ing pasamunan. Ing kono aku weruh
ana wong wadon nunggang kewan abang
sulak wungu, kang awake sakojur kacirenan
jeneng-jeneng panyenyamah. Endhase pitu
lan sungune sapuluh. 4 Dene wong wadon
mau nganggo jarit wungu lan jingga, sarta
nganggo pasren mas, sesotya tuwin mutyara,
tangane nyekel tuwung mas kang kebak isi
sakehing barang kang saru lan jejembering
laku jina. 5 Lan ing bathuke kacirenan jeneng,
sawijining wewadi: "Babil gedhe baboning
para tunasusila lan sakehing kanisthan ing
bumi." 6 Anadene aku weruh wong wadon mau
mendem getihe para suci lan para seksine
Gusti Yesus.
Aku gumun banget nalika ndeleng iku mau.
7 Malaekat mau tumuli ngandika marang aku:
"Yagene kowe kok gumun? Kowe dakkandhani
bab wadine wong wadon lan wadine kewan
tunggangane kang endhase pitu lan sungune
sapuluh iku.
8 Kewan kang kokdeleng iku maune ana,
nanging saiki ora ana, lan bakal njedhul
saka ing teleng, sarta marani ing karusakan.
Anadene para kang manggon ana ing bumi,
kang jenenge ora katulisan ing buku kauripan
wiwit jagad tinalesan, iku bakal padha
kaeraman, samangsa padha weruh si kewan,
dene maune ana saiki ora ana, mangka bakal
ana maneh. 9 Kang prelu ing kene yaiku budi
kang wicaksana: endhas pitu iku ngibarati
gunung pitu, kang dilungguhi dening wong
wadon mau. 10 Karodene uga ngibarati ratu

pitu; kang lima wus padha ambruk, kang siji
saiki ana, sijine durung teka, dene samangsa
wus teka, iku tetep mung sawatara mangsa.
11 Anadene si kewan kang maune ana, saiki
ora ana, iku dhewe dadi raja kang kawolu
lan sanadyan mangkono dadi panunggalane
kang pitu iku, sarta marani karusakan. 12 Dene
sungu sapuluh kang kokdeleng iku ratu
sapuluh kang durung wiwit mrentah, nanging
bakal padha nampani panguwasaning ratu,
bebarengan karo si kewan suwene sajam.
13 Iku padha sarujuk, masrahake kasekten lan
panguwasane marang si kewan iku. 14 Lan iku
kabeh bakal padha nempuh perang nglawan
Sang Cempe. Nanging bakal dikalahake
dening Sang Cempe lan para kang tinimbalan
lan kang padha pinilih apadene kang setya,
amarga Panjenengane iku Gustine para gusti
lan Ratune para ratu."

15 Malaekat mau tumuli ngandika marang
aku: "Kabeh banyu kang kokdeleng, kang
dilungguhi dening wanita tunasusila iku
ngibarati para bangsa lan rakyat akeh tuwin
golongan apadene basa. 16 Dene sungu
sapuluh kang kokdeleng lang kewan iku
bakal padha sengit marang si tunasusila iku,
lan bakal didadekake kapiran lan diwudani
tuwin dipangan daginge, wasana diobong
kalawan geni. 17 Amarga atine wus diwangsit
dening Gusti Allah supaya nglakoni kang dadi
karsane kanthi tunggal sedya, apadene supaya
masrahake paprentahane marang si kewan,
nganti tumeka pangandikane Gusti Allah wus

padha katetepan kabeh. [18] Anadene wong
wadon kang kokdeleng iku, ngibarati kutha
gedhe kang ngereh para ratu ing bumi.”

Rusake kutha Babil

18:1-20

18 [1] Sawuse mangkono, aku weruh
malaekat liyane tumedhak saka ing
swarga. Malaekat mau kagungan panguwasa
gedhe sarta bumi dadi padhang marga saka
kamulyane. [2] Malaekat mau nguwuh-uwuh
kalawan swara seru:

“Wus rubuh, wus rubuh Babil, kutha gedhe iku.
Lan wus dadi dhangkane para roh reged lan papan pandhelikane para roh najis,
tuwin sarupaning manuk kang najis lan kang sinengitan, [3] awit sakehe para bangsa wus padha ngombe anggur hawa-nepsune kang saru, sarta para raja ing bumi padha laku jina karo dheweke,
tuwin para sudagar ing bumi wus padha dadi sugih marga saka hawa-nepsune.”

[4] Aku tumuli krungu swara liyane, saka ing
swarga, kang ngandika:

“He, umatingSun, padha sumingkira saka ing antarane,
supaya sira aja nganti kalepetan ing dosane,
lan aja nganti melu kena ing wewelake.

5 Amarga dosane wus ngundhung-undhung
kongsi sundhul ing langit, lan Gusti Allah
wus ngengeti ing sakehe pialane.
6 Walesen kaya kang dadi pamalese marang
sira,
lan tikelana loro saka panggawene,
tuwunge kang kanggo nyampur iku isenana
tikel loro;
7 patrapana panyiksa lan kaprihatinan,
kayadene anggone wus ngrasakake
kaluhuran lan kamukten.
Sabab osiking atine mangkene:
Aku lungguh ing dhampar kaya ratu,
aku dudu randha,
lan aku ora bakal tau prihatin.
8 Mulane bakal katekanan sakehe wewelake
bareng sadina,
yaiku pageblug lan prihatin tuwin pailan;
sarta bakal kaobong ing geni,
awit Pangeran Allah, kang ngadili iku
santosa."

9 Anadene para raja ing bumi, kang padha laku
bedhang lan olah kamukten karo dheweke,
iku bakal padha nangisi lan nggrantesake
samangsa padha ndeleng pegane geni kang
ngobong. 10 Para raja mau bakal padha ngadeg
ngedohi, awit saka wedine marang panyiksane
lan bakal ngucap:

"Cilaka, cilaka kowe, he kutha gedhe
Babil, he kutha kang santosa, dene
paukumanmu wus tumindak mung ing
sajrone sajam!"

11 Para sudagar ing bumi padha nangisi lan
sesambat, marga wus ora ana kang tuku
dagangane, 12 yaiku dagangan arupa mas
lan salaka, sesotya lan mutyara, mori alus
lan jarit wungu sutra lan kain jingga, barang
warna-warna saka kayu wangi, dandanan
saka gadhing warna-warna, lan rupa-rupa
dandanan kayu kang larang, saka tembaga,
wesi sarta saka marmer. 13 Manis jangan,
bumbu-bumbu, lenga wangi lan menyan,
anggur lan lenga, glepung alus lan gandum,
sapi lan wedhus, jaran lan kreta, apadene
malah abdi lan nyawane wong.
14 Lan iku kabeh bakal padha ngucap:

“Wowohan-wowohan kang dadi pepenginane
atimu iku wus ilang,
lan samubarang kang mewah lan endah iku
wus sirna, lan ora bakal katemu maneh.”

15 Para kang daging barang-barang iku mau,
kang wus dadi sugih saka kutha iku, bakal
padha ngadeg ana ing kadohan awit saka
wedine marang anggone kasiksa, sarta padha
nangis lan sesambat, 16 pangucape:

“Cilaka, cilaka kutha gedhe,
kang manganggo mori alus tuwin jarit wungu
lan jingga, sarta nganggo pasren mas
lan sesotya tuwin mutyara iku, dene
sajrone sajam bae kasugihan kang
samono iku wus rusak.”

17 Karodene sakehing jurumudhi lan para kang
lelayaran, tuwin para mantrus lan sakehe
wong kang panguripane ana ing sagara, padha
ngedoh, 18 lan padha weruh pegane geni kang

ngobong, banjur nguwuh-uwuh, pangucape:
"Endi kutha kang madhani kutha gedhe iki?"
19 Banjur padha nguwur-uwuri lebu ing sirahe,
sarta nguwuh-uwuh kalawan nangis lan
sesambat pangucape:

"Cilaka, cilaka kutha gedhe,
kang raja-penine dadi marganing kasugihane
sakehe wong kang duwe prau ana ing
sagara,
awi wis rusak sajrone sajam bae.
20 Padha bungaha marga saka iku, he
swarga,
lan para suci, para rasul sarta para nabi,
sabab Gusti Allah wus ndhawahi paukuman
marang kutha iku marga saka kowe
kabeh."

Babil ora bakal madeg maneh

18:21-24

21 Tumuli ana malaekat kang prakosa,
ngangkat watu kang gedhene sawatu
panggilingan, banjur kajegurake ing sagara,
pangandikane:

"Iya kaya mangkono iku kutha gedhe Babil,
bakal kauncalake mangisor sarosane,
lan banjur ora bakal ketemu maneh.
22 Sarta swarane para panylempung sarta
para pasindhen,
tuwin para panyuling apadene panylompret,
ora bakal keprungu maneh ana ing kowe,
lan wus ora bakal ana wong kang olah
sadhengaha

kagunan kang tinemu ana ing kowe,
sarta swarane panggilingan ora bakal
keprungu maneh ana ing kowe.
23 Padhanging damar ora bakal madhangi
kowe maneh, lan swarane penganten
lanang wadon ora bakal keprungu
maneh ana ing kowe.
Awit sudagar-sudagarmu iku maune padha
dadi panggedhene bumi, marga saka
sakehe bangsa wus padha kasasarake
srana panenunganmu."
24 Sarta ing kutha iku tinemu getihe para nabi
lan para suci, apadene getihe sakehe wong
kang padha kapatenan ana ing bumi.

Kekidungan ing bab rusake kutha Babil

19:1-5

19 1 Sawuse mangkono aku krungu swara
sora kaya swarane wong golongan
gedhe ana ing swarga, pangucape:
"Haleluya!
Karahayon lan kamulyan sarta panguwaos
punika wonten ing Allah kita,
2 awitdene leres lan patitis pangadilanipun,
amargi Panjenenganipun ingkang sampun
ngadili wanita tunasusila ageng,
ingkang ngrisak bumi srana lampahipun jina;
sarta Panjenenganipun punika ingkang
sampun malesaken rahipun para
abdinipun dhateng wanita punika."
3 Tumuli padha ngucap kang kaping pindhone:
"Haleluya!

Wondene peganipun punika kumelun
langgeng salami-laminipun.”
4 Para pinituwa patlikur lan makluk papat
iku banjur padha sumungkem sujud marang
Gusti Allah kang lenggah ing dhampar, sarta
munjuk:
“Amin, Haleluya!”
5 Tumuli keprungu swara saka ing dhampar:
“Padha saosa puji marang Allah kita,
he para abdi kabeh,
sira kang padha wedi-asih marang
Panjenengane,
kang cilik lan kang gedhe!”

Bujana pikramane Sang Cempe

19:6-10

6 Aku banjur krungu kaya swarane wong
golongan gedhe, kaya gumrojoging banyu
akeh lan kaya swarane gludhug kang banter,
tembunge:
“Haleluya!
Dene Pangeran, Allah kita, Kang
Mahakuwaos, wus jumeneng raja.
7 Payo kita padha sumyak-sumyak asukarena,
lan ngluhurake Panjenengane!
Amarga wis tekan ing dina pikramane Sang
Cempe,
lan panganten putri wis rumantos.
8 Sarta pangantene putri kaparingan
pangageman mori alus kang putih resik
gumilap!”

(Anadene mungguh mori alus iku ngibarati
kautamane para suci).
9 Aku tumuli dipangandikani mangkene:
“Nulisa: Rahayu para kang tinimbalan marang
bujana pikramane Sang Cempe.” Sarta
aku dipangandikani maneh: “Iki sabdane
Gusti Allah kang satuhu.” 10 Aku banjur
nyungkemi sampeyane kang ngandika mau
arep sujud, nanging tumuli dipangandikani:
“Aja mangkono! Aku iki padha kaya kowe lan
para sadulurmu, kang nduweni paseksene
Gusti Yesus. Sujuda marang Gusti Allah! Awit
mungguh paseksene Gusti Yesus iku rohing
pamedhar wangsit.”

Sabdaning Allah

19:11-16

11 Aku banjur weruh swarga menga: lah,
ana sawijining jaran putih; dene asmane
kang nitihi: “Kang Setya lan Kang Sanyata.”
Panjenengane ngadili lan merangi kalawan
adil. 12 Tingale kaya urubing geni lan
mustakane ngagem makutha akeh, sarta
Panjenengane ngagem ciri seratan asma
kang ora kasumurupan ing wong, kajaba
mung sarirane piyambak. 13 Pangagemane
rasukan jubah kang wus kacelup ing getih,
sarta asmane kasebut: “Sabdaning Allah.”
14 Anadene wadya-bala ing swarga padha
ndherekake tindake; lan padha nunggang
jaran putih sarta manganggo mori alus kang
putih resik. 15 Ing tutuke metu pedhange

kang landhep, kang bakal disabetake marang
sakehing bangsa. Dene Panjenengane kang
bakal ngengen kalawan lantaran wesi lan
bakal meres anggur ana ing pamipitan anggur
yaiku bebenduning dukane Gusti Allah, Kang
Mahakuwaos. [16] Anadene jubahe, lan wentise
tinulisan asma: "Ratune para ratu lan Gustine
para gusti."

Si kewan lan nabine kakalahake

19:17-21

[17] Aku tumuli weruh malaekat jumeneng ana
ing srengenge, sarta nguwuh kalawan swara
sora marang sakehe manuk kang mabur ana
ing awang-awang, dhawuhe: "Mrenea, padha
nglumpuka ing bujanane Gusti Allah, bujana
kang gedhe, [18] padha mangana daginge
para ratu, lan daginge para tetindhihing
perang sarta daginge para pahlawan, apadene
daginge jaran lan kang padha nunggangi sarta
daginge sarupaning wong, kang mardika lan
batur tukon, wong cilik lan wong gedhe."
[19] Aku tumuli weruh si kewan iku lan para
ratu ing bumi sabalane padha nglumpuk
nglawan perang marang Kang Nitih turangga
lan sabalane mau. [20] Si kewan tumuli
kacekel, dalah kang ngaku-aku nabi, kang
wus nindakake mukjijat ana ing ngarepe,
kagawe srana nasarake wong kang wus
padha nampani cirine si kewan lan padha
sujud marang recane. Sakarone padha
kacemplungake ing sagara geni kang murub

nganggo welirang urip-uripan. [21] Dene liyane
padha kapatenan dening Kang Nitih turangga
sarana pedhang, kang metu saka ing tutuke;
sakehe manuk padha wareg anggone mangani
daginge.

Kraton sewu taun

20:1-6

20 [1] Aku tumuli weruh ana malaekat
tumedhak saka ing swarga ngasta
kuncine jurang lan rante gedhe ing astane;
[2] malaekat mau nyepeng si naga, si ula
tuwa iku, yaiku si Iblis lan si Setan. Tumuli
dirante sewu taun lawase, [3] banjur diuncalake
menyang ing teleng, ditutup lan ing dhuwure
disegel, supaya si Iblis lan si Setan iku
aja nasarake para umat maneh sadurunge
pundhat sewu taun mau; sawise mangkono
bakal kauculake sawatara mangsa.
[4] Aku banjur weruh dhampar-dhampar
lan kang padha nglenggahi; sarta tumuli
padha kaampilan pangadilan. Aku uga weruh
nyawane wong-wong kang wus katigas gulune
marga saka paseksene marang Gusti Yesus
lan marga saka pangandikane Gusti Allah;
kang ora padha sujud marang si kewan utawa
marang recane, sarta ora nampani ciri ing
bathuke lan ing tangane, iku kabeh padha urip
maneh ing ndherek jumeneng ratu kalawan
Sang Kristus lawase sewu taun. [5] Nanging
wong-wong mati liyane iku ora padha urip
maneh sadurunge pundhat sewu taun mau.

Iya iku patangen kan kapisan. [6] Rahayu
lan suci wong kang kaparingan panduman
ing patangen kang kapisan iku. Wong iku
padha ora kawasesa maneh dening pati kang
kapindho, nanging bakal padha dadi imame
Gusti Allah lan Sang Kristus, sarta bakal
ndherek jumeneng ratu kalawan Panjenengane
nganti sewu taun lawase.

Iblis diukum

20:7-10

[7] Anadene sawuse genep sewu taun iku
mau, Iblis tumuli bakal kaluwaran saka ing
pakunjarane, [8] sarta bakal metu nasarake para
bangsa kang ana ing pojoking bumi papat,
yaiku Gog lan si Magog, pada diklumpukake
kaajak perang, cacahe kaya wedhi ing sagara.
[9] Tumuli padha nglurug mratani saindenging
jagad, sarta ngepung pakuwone para wong
suci lan kutha kang kinasih iku. Nanging
banjur ana geni tumurun saka ing langit,
mangsa wong-wong iku mau, [10] dene Iblis,
kang nasarake wong-wong mau, tumuli
kacemplungake ing sagara geni lan welirang,
yaiku kang wus kaenggonan si kewan lan nabi
palsu, lan iku bakal padha kasiksa rina-wengi
langgeng ing salawas-lawase.

Pangadilan ing dina wekasan

20:11-15

[11] Aku banjur weruh dhampar gedhe putih
lan Panjenengane, kang nglenggahi. Bumi lan
langit padha sirna saka ing pangayunane lan
wus ora ketemu maneh papane. [12] Aku tumuli
weruh wong mati, gedhe cilik, padha ana
ing ngarep dhampar, banjur ana kitab-kitab
kang padha kabukak. Lan ana kitab liyane
maneh kang kabukak, yaiku kitabing kauripan.
Wong-wong mati mau tumuli padha diadili
miturut panggawene adhedhasar apa kang
katulis ing kitab-kitab mau. [13] Anadene sagara
masrahake wong-wong mati kang ana ing
jerone, lan iku diadili miturut sapanggawene
dhewe-dhewe. [14] Sarta pati lan karajaning pati
padha kacegurake ing sagara geni. Yaiku pati
kang kapindho: sagara geni. [15] Dene saben
wong kang jenenge ora katulis ana ing kitab
kauripan iku, iku kacemplungake ing sagara
geni.

Langit anyar lan bumi anyar

21:1-8

21 [1] Aku tumuli weruh langit anyar lan
bumi anyar, awit langit kang kapisan lan
bumi kang kapisan wus sirna, lan sagara uga
wus ora ana maneh. [2] Lan aku weruh kutha
suci, Yerusalem kang anyar, tumurun saka
ing swarga, saka ing Allah, kang pinaesan

kaya panganten wadon kang dinandanan
lumadi marang priyane. 3 Aku banjur krungu
swara seru kang ngandika saka ing dhampar
iku: “Wruhanamu, tarube Gusti Allah ana ing
tengahing manungsa, lan Panjenengane bakal
dedalem ana ing antarane. Iku bakal padha
dadi umate lan Panjenengane bakal dadi
Allahe. 4 Sarta Panjenengane bakal ngusapi
sakehe luh saka ing mripate, lan bakal ora
ana pati maneh; kasusahan lan pasambat
apadene karubedan iya bakal wus ora ana;
amarga samubarang kang lawas wus padha
kapungkur.”
5 Kang lenggah ing dhampar banjur ngandika:
“Wruhanira, samubarang kabeh Sundadekake
anyar!” Lan pangandikane: “Sira nulisa, awit
pangandika iki patitis lan nyata.” 6 Sarta
aku dipangandikani maneh mangkene:
“Samubarang kabeh wus kalakon. Ingsun iki
Sang Alfa lan Sang Omega, Kang Murwani
lan Kang Mungkasi. Wong kang ngelak bakal
Sunparingi ngombe kanthi lelahanan saka
tuking banyu kauripan. 7 Sing sapa unggul,
bakal tampa iki kabeh, sarta Ingsun bakal dadi
Allahe, lan dheweke bakal dadi PutraningSun.
8 Nanging para wong kang jirih, lan wong kang
ora pracaya, kang ambek nistha, kang mateni
wong, kang laku jina, kang olah panenungan,
kang nyembah brahala, lan sakehe wong kang
para-cidra, iku pandumane ana ing sagara
geni lan walirang kang murub; yaiku pati kang
kapindho.”

Yerusalem kang anyar

21:9--22:5

9 Sawijining malaekat panunggalane
malaekat pitu kang ngasta bokor pitu kebak
isi wewelak pitu kang wekasan iku rawuh lan
banjur ngandika: “Mrenea, kowe daktuduhi
panganten putri, garwane Sang Cempe.”
10 Tumuli sajrone kalimputan ing Roh iku,
aku digawa menyang ing gunung kang gedhe
lan dhuwur, banjur dituduhi kutha kang suci,
yaiku Yerusalem kang tumurun saka ing
swarga, saka Gusti Allah. 11 Kutha iku kebak
kamulyan lan cahyane Allah, kaya sesotya
kang adi pinunjul, kaya sesotya yaspis, bening
saemper kristal. 12 Balu-wartine gedhe lan
dhuwur, gapurane rolas; lan ing sadhuwure
gapura-gapura mau ana malaekate rolas,
sarta ana tulisane, yaiku jenenge taler Israel
rolas. 13 Ing sisih wetan ana gapurane telu, ing
sisih lor telu, ing sisih kidul telu, ing sisih kulon
telu. 14 Sabanjure baluwartine kutha iku ana
watune tetales rolas, ing dhuwur kacirenan
jenenge para rasule Sang Cempe rolas.
15 Anadene kang mangandikani aku iku
ngasta lantaran ukuran mas, kagem ngukur
kutha iku, dalah gapurane lan baluwartine.
16 Wangune kutha mau pesagi, dawane padha
karo ambane. Dene anggone ngukur nagara
iku kalawan teken ukuran mau: tinemune
ana rolas ewu stadi; dawane lan ambane
tuwin dhuwure iku padha. 17 Dene baluwartine

diukur tinemu satus patang puluh papat asta,
manut ukurane manungsa, kang iya dadi
ukurane malaekat. 18 Baluwartine iku kang
kagawe sotya yaspis; lan kuthane dhewe
iku mas tulen, kaya kaca murni. 19 Tetalese
baluwartining kutha padha rinengga ing
sesotya adi mancawarna. Tetalese kang
kapisan iku yaspis, kang kapindho nilam,
kang katelu mirah, kang kapat jumerud,
20 kang kalima sardonik, kang kanem sardis,
kang kapitu retna cempaka, kang kawolu
beril, kang kasanga krisolit, kang kasepuluh
krisopas, kang kasewelas lazuardi, lan kang
karolas kecubung. 21 Gapurane rolas iku arupa
mutyara rolas; siji-sijining gapura wujud
mutyara siji, lan dalan-dalane nagara iku mas
murni, kaya kaca kang bening.

22 Lan ana ing kono iku aku ora weruh
Padaleman Suci; amarga Pangeran Allah,
Gusti kang Mahakuwaos iku Padaleman
Suci, mangkono uga Sang Cempe. 23 Sarta
maneh kutha iku ora mbutuhake padhanging
srengenge lan rembulan, amarga cahya
kamulyane Gusti Allah kang madhangi lan
Sang Cempe kang dadi damare. 24 Para bangsa
bakal padha lumaku ana ing pepadhange sarta
para ratu ing bumi padha ngasta kaluhurane
mrono; 25 gapurane ora bakal kainebake
ing wayah awan, awit ing kono bakal ora
ana bengi maneh. 26 Karodene raja-penine
lan kaluhurane para bangsa bakal kagawa
lumebu mrono. 27 Nanging sabarang kang
najis ora bakal bisa mlebu mrono, uga wong

kang nglakoni kanisthan, tuwin para cidra;
nanging mung wong-wong kang jenenge
padha katulisan ing kitab kauripan kagungane
Sang Cempe.
22 [1] Aku tumuli dituduhi bengawan banyu
panguripan, kang bening kaya kristal,
kang mili metu saka ing dhampare Gusti Allah
lan dhampare Sang Cempe. [2] Ing satengahe
dalaning kutha iku, yaiku ing sakiwa-tengene
bengawan, ana wit-wit panguripan kang
metokake woh ping rolas, saben sasi sapisan;
anadene godhonge wit-wit mau dianggo
mulyakake para bangsa. [3] Sarta bakal ora ana
laknat maneh. Dene dhampare Gusti Allah
lan Sang Cempe bakal ana ing tengahe, lan
para abdine bakal padha ngabekti marang
Panjenengane, [4] lan bakal padha nyawang
pasuryane lan bathuke bakal padha kacirenan
Asmane. [5] Lan ing kono ora bakal ana wayah
bengi maneh, sarta ora susah nganggo
padhanging damar utawa srengenge, amarga
Pangeran Allah kang bakal madhangi, sarta
wong-wong mau bakal padha mrentah kaya
ratu langgeng ing salawas-lawase.

Rawuhe Gusti Yesus

22:6-17

[6] Aku tumuli dipangandikani mangkene:
"Pangandika iku mau patitis lan nyata, sarta
Pangeran, Allah kang paring roh marang para
nabi, wus ngutus malaekate supaya nuduhake

marang para abdine apa kang pinesthi enggal
kalakon."
7 "Lah Ingsun bakal enggal rawuh. Rahayu
wong kang netepi ing pangandika wedharing
wangsite kitab iki!"
8 Anadene aku, Yokanan, kang wus ndeleng
lan krungu prakara iku mau kabeh. Lan
sawuse krungu lan ndeleng, aku tumuli
sumungkem ing sampeyane malaekat, kang
wus nedahake iku mau kabeh marang aku,
arep sujud.
9 Nanging dhawuhe marang aku:
"Aja mangkono! Awit aku iki dadi kancamu
abdi, padha kaya kowe lan sadulur-sadulurmu,
para abdi, lan para kang netepi pangandikane
kitab ini. Sujuda marang Gusti Allah!"
10 Tumuli pangandikane maneh marang aku:
"Pangandika wedharing wangsite kitab iki aja
sira segel, awit wektune wus cedhak.
11 Sing
sapa gawe duraka, terusa gawe duraka, sing
sapa jember, terusa njemberake awak; lan
sing sapa laku bener, terusa laku bener; sing
sapa suci, cikben terus nucekake awake!"
12 "Lah Ingsun bakal enggal rawuh, sarta
ngasta ganjaraningSun, kagawe males marang
sawiji-wijining wong miturut sapanggawene.
13 Ingsun iki Sang Alfa lan Sang Omega, Kang
Murwani lan Kang Mungkasi, Kang Wiwitan lan
Kang Wekasan.
14 Rahayu wong kang padha ngumbah
sandhangane. Iku kang bakal padha duwe
wewenang tumrap wit-wit panguripan, lan
lumebu ing kutha, liwat ing gapura-gapurane.
15 Nanging asu lan juru tenung, tuwin

wong-wong kang laku jina, wong gawe pati,
lan kang nyembah brahala, sarta sok wonga
kang dhemen lan nglakoni para-cidra, iku
ana ing sajabaning kutha. 16 Ingsun, Yesus,
wus ngutus malaekatingSun supaya aweh
paseksen tumrap prakara iku mau kabeh
marang sira kanggo pasamuwan-pasamuwan.
Ingsun iki sogol, yaiku trahe Dawud, lintang
panjer esuk kang mancorong."
17 Apadene Sang Roh lan panganten putri
padha nyebut: "Paduka mugi rawuh!" Lan sapa
kang krungu, iku munjuka: "Paduka mugi
rawuh!" Lan sapa kang ngelak, majua lan sapa
kang arep, njupuka banyu panguripan kalawan
lelahanan.

Panutup

22:18-21

18 Aku pratela marang saben wong kang
ngrungokake ing pangandika wedharing
wangsite kitab iki: "Manawa ana wong kang
muwuhi apa-apa ing pangandika iki, Gusti
Allah mesthi bakal muwuhi wewelak marang
dheweke padha kaya kang katulisan ing kitab
iki. 19 Lan manawa ana wong kang ngurangi
ing pangandikane kitab wedharing wangsit
iki, Gusti Allah bakal mundhut pandumane
saka ing wit panguripan lan saka ing kutha
suci, kaya kang katulisan ana ing kitab iki."
20 Kang nglairake paseksen bab iki mau kabeh
ngandika mangkene: "Iya, Ingsun enggal

rawuh!” Amin, inggih Gusti Yesus, Paduka
mugi rawuh!
21 Sih-rahmate Gusti kita Yesus Kristus
nunggila ing kowe kabeh! Amin.

Alkitab Jawa

==================

(Javanese Formal Translation)

Bible texts are from

https://www.youversion.com/bible

http://bibles.org/versions/jav-JAV

==================================